

The Bible in Creole, in Basic English and in Greek

By Gary D. Rose

- 1 ¶ Nan konmansman, Bondye kreye syèl la ak latè a.
At the first God made the heaven and the earth.
ἐν ἀρχῇ ἐποίησεν ὁ θεὸς τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 2 Men latè pa t' gen fòm, li pa t' gen anyen sou li. Fènwa te kouvri toupatou. Lespri Bondye t'ap plane sou dlo ki te kouvri tout latè.
And the earth was waste and without form; and it was dark on the face of the deep: and the Spirit of God was moving on the face of the waters.
ἡ δὲ γῆ ἦν ἀόρατος καὶ ἀκατασκευάστος καὶ σκότος ἐπάνω τῆς ἀβύσσου καὶ πνεῦμα θεοῦ ἐπεφέρετο ἐπάνω τοῦ ὕδατος
- 3 ¶ Bondye di. Se pou limyè fèt. Epi limyè te fèt.
And God said, Let there be light: and there was light.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς γενηθήτω φῶς καὶ ἐγένετο φῶς
- 4 Bondye wè limyè a te bon. Bondye mete limyè a yon bò, li mete fènwa a yon lòt bò.
And God, looking on the light, saw that it was good: and God made a division between the light and the dark,
καὶ εἶδεν ὁ θεὸς τὸ φῶς ὅτι καλόν καὶ διεχώρισεν ὁ θεὸς ἀνά μέσον τοῦ φωτός καὶ ἀνά μέσον τοῦ σκότους
- 5 Bondye rele limyè a lajounen, li rele fènwa a lannwit. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te premye jou a.
Naming the light, Day, and the dark, Night. And there was evening and there was morning, the first day.
καὶ ἐκάλεσεν ὁ θεὸς τὸ φῶς ἡμέραν καὶ τὸ σκότος ἐκάλεσεν νύκτα καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ ἐγένετο πρωὶ ἡμέρα μία
- 6 ¶ Bondye di ankò. Se pou gen yon vout nan mitan dlo a pou separe dlo a an de.
And God said, Let there be a solid arch stretching over the waters, parting the waters from the waters.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς γενηθήτω στερέωμα ἐν μέσῳ τοῦ ὕδατος καὶ ἔστω διαχωρίζον ἀνά μέσον ὕδατος καὶ ὕδατος καὶ ἐγένετο οὕτως
- 7 Bondye fè vout la separe dlo a an de, yon pati anwo vout la, yon lòt pati anba l'. Se konsa sa te pase.
And God made the arch for a division between the waters which were under the arch and those which were over it: and it was so.
καὶ ἐποίησεν ὁ θεὸς τὸ στερέωμα καὶ διεχώρισεν ὁ θεὸς ἀνά μέσον τοῦ ὕδατος ὃ ἦν ὑποκάτω τοῦ στερεώματος καὶ ἀνά μέσον τοῦ ὕδατος τοῦ ἐπάνω τοῦ στερεώματος
- 8 Bondye rele vout la syèl. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te dezyèm jou a.
And God gave the arch the name of Heaven. And there was evening and there was morning, the second day.
καὶ ἐκάλεσεν ὁ θεὸς τὸ στερέωμα οὐρανὸν καὶ εἶδεν ὁ θεὸς ὅτι καλόν καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ ἐγένετο πρωὶ ἡμέρα δευτέρα
- 9 ¶ Bondye di ankò. Se pou dlo ki anba syèl la sanble yon sèl kote pou kote ki sèk la ka parèt. Se konsa sa te pase.
And God said, Let the waters under the heaven come together in one place, and let the dry land be seen: and it was so.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς συναχθήτω τὸ ὕδωρ τὸ ὑποκάτω τοῦ οὐρανοῦ εἰς συναγωγὴν μίαν καὶ ὀφθῆτω ἡ ξηρὰ καὶ ἐγένετο οὕτως καὶ συνήχθη τὸ ὕδωρ τὸ ὑποκάτω τοῦ οὐρανοῦ εἰς τὰς συναγωγὰς αὐτῶν καὶ ὤφθη ἡ ξηρὰ
- 10 Bondye rele kote ki sèk la tè. Li rele pil dlo a lanmè. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon.
And God gave the dry land the name of Earth; and the waters together in their place were named Seas: and God saw that it was good.
καὶ ἐκάλεσεν ὁ θεὸς τὴν ξηρὰν γῆν καὶ τὰ συστήματα τῶν ὕδατων ἐκάλεσεν θαλάσσας καὶ εἶδεν ὁ θεὸς ὅτι καλόν
- 11 Bondye di. Se pou tè a pouse tout kalite plant: zèb, plant ki bay grenn, pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Se konsa sa te pase.
And God said, Let grass come up on the earth, and plants producing seed, and fruit-trees giving fruit, in which is their seed, after their sort: and it was so.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς βλαστησάτω ἡ γῆ βοτάνην χόρτου σπείρον σπέρμα κατὰ γένος καὶ καθ' ὁμοίτητα καὶ ξύλον κάρπιμον ποιοῦν καρπὸν οὗ τὸ σπέρμα αὐτοῦ ἐν αὐτῷ κατὰ γένος ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἐγένετο οὕτως
- 12 Tè a pouse tout kalite plant: zèb, plant ki bay grenn, pyebwa ki bay fwi ak tout grenn yo. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon.
And grass came up on the earth, and every plant producing seed of its sort, and every tree producing fruit, in which is its seed, of its sort: and God saw that it was good.
καὶ ἐξήνεγκεν ἡ γῆ βοτάνην χόρτου σπείρον σπέρμα κατὰ γένος καὶ καθ' ὁμοίτητα καὶ ξύλον κάρπιμον ποιοῦν καρπὸν οὗ τὸ σπέρμα αὐτοῦ ἐν αὐτῷ κατὰ γένος ἐπὶ τῆς γῆς καὶ εἶδεν ὁ θεὸς ὅτι καλόν

- 13 Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te twazyèm jou a.
And there was evening and there was morning, the third day.
καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ ἐγένετο πρωὶ ἡμέρα τρίτη
- 14 ¶ Bondye di ankò. Se pou limyè parèt nan syèl la pou separe lajounen ak lannwit. Y'a sèvi pou make jou yo, lanne yo ak sezon yo.
And God said, Let there be lights in the arch of heaven, for a division between the day and the night, and let them be for signs, and for marking the changes of the year, and for days and for years:
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς γενηθήτωσαν φωστῆρες ἐν τῷ στερεώματι τοῦ οὐρανοῦ εἰς φαῦσιν τῆς γῆς τοῦ διαχωρίζειν ἀνά μέσον τῆς ἡμέρας καὶ ἀνά μέσον τῆς νυκτὸς καὶ ἔστωσαν εἰς σημεῖα καὶ εἰς καιροὺς καὶ αἰ εἰς ἡμέρας καὶ εἰς ἔνιαυτοὺς
- 15 Y'a sèvi limyè nan syèl la pou klere tout latè a. Se konsa sa te pase.
And let them be for lights in the arch of heaven to give light on the earth: and it was so.
καὶ ἔστωσαν εἰς φαῦσιν ἐν τῷ στερεώματι τοῦ οὐρανοῦ ὥστε φαίνειν ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἐγένετο οὕτως
- 16 Bondye fè de gwo limyè, pi gwo a pou kòmande sou lajounen, pi piti a pou kòmande sou lannwit. Li fè zetwal yo tou.
And God made the two great lights: the greater light to be the ruler of the day, and the smaller light to be the ruler of the night: and he made the stars.
καὶ ἐποίησεν ὁ θεὸς τοὺς δύο φωστῆρας τοὺς μεγάλους τὸν φωστῆρα τὸν μέγαν εἰς ἀρχὰς τῆς ἡμέρας καὶ τὸν φωστῆρα τὸν ἐλάσσονα εἰς ἀρχὰς τῆς νυκτὸς καὶ τοὺς ἀστέρας
- 17 Li mete yo nan syèl la pou klere latè a,
And God put them in the arch of heaven, to give light on the earth;
καὶ ἔθετο αὐτοὺς ὁ θεὸς ἐν τῷ στερεώματι τοῦ οὐρανοῦ ὥστε φαίνειν ἐπὶ τῆς γῆς
- 18 pou kòmande sou lajounen ak sou lannwit, pou separe limyè ak fènwa. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon.
To have rule over the day and the night, and for a division between the light and the dark: and God saw that it was good.
καὶ ἄρχειν τῆς ἡμέρας καὶ τῆς νυκτὸς καὶ διαχωρίζειν ἀνά μέσον τοῦ φωτὸς καὶ ἀνά μέσον τοῦ σκοτὸς καὶ εἶδεν ὁ θεὸς ὅτι καλόν
- 19 Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te katriyèm jou a.
And there was evening and there was morning, the fourth day.
καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ ἐγένετο πρωὶ ἡμέρα τετάρτη
- 20 ¶ Bondye di ankò. Se pou dlo yo kale anpil anpil bèt vivan. Se pou zwazo vole nan syèl la anwo tè a. Se konsa sa te pase.
And God said, Let the waters be full of living things, and let birds be in flight over the earth under the arch of heaven.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς ἐξαγαγέτω τὰ ὕδατα ἑρπετὰ ψυχῶν ζωσῶν καὶ πετεινὰ πετόμενα ἐπὶ τῆς γῆς κατὰ τὸ στερέωμα τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἐγένετο οὕτως
- 21 Bondye kreye gwo bèt lanmè yo, tout kalite bèt vivan k'ap naje nan dlo ansanm ak tout kalite zwazo. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon.
And God made great sea-beasts, and every sort of living and moving thing with which the waters were full, and every sort of winged bird: and God saw that it was good.
καὶ ἐποίησεν ὁ θεὸς τὰ κῆτη τὰ μεγάλα καὶ πᾶσαν ψυχὴν ζῶων ἑρπετῶν ἃ ἐξήγαγεν τὰ ὕδατα κατὰ γένη αὐτῶν καὶ πᾶν πετεινὸν πετεωτὸν κατὰ γένος καὶ εἶδεν ὁ θεὸς ὅτι καλά
- 22 Bondye beni yo, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit, plen dlo lanmè a. Se pou zwazo yo fè anpil anpil pitit tout sou tè a.
And God gave them his blessing, saying, Be fertile and have increase, making all the waters of the seas full, and let the birds be increased in the earth.
καὶ ἠλόγησεν αὐτὰ ὁ θεὸς λέγων ἀυξάνεσθε καὶ πληθύνεσθε καὶ πληρώσατε τὰ ὕδατα ἐν ταῖς θαλάσσαις καὶ τὰ πετεινὰ πληθυνέσθωσαν ἐπὶ τῆς γῆς
- 23 Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te senkyèm jou a.
And there was evening and there was morning, the fifth day.
καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ ἐγένετο πρωὶ ἡμέρα πέμπτη
- 24 ¶ Bondye di ankò. Se pou tè a kale tout kalite bèt vivan, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant, bèt nan bwa. Se konsa sa te pase.
And God said, Let the earth give birth to all sorts of living things, cattle and all things moving on the earth, and beasts of the earth after their sort: and it was so.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς ἐξαγαγέτω ἡ γῆ ψυχὴν ζῶσαν κατὰ γένος τετράποδα καὶ ἑρπετὰ καὶ θηρία τῆς γῆς κατὰ γένος καὶ ἐγένετο οὕτως
- 25 Bondye fè tout kalite bèt, bèt nan bwa, bèt yo gade, bèt ki trennen sou vant. Li gade sa l' te fè a, li wè l' bon.
And God made the beast of the earth after its sort, and the cattle after their sort, and everything moving on the face of the earth after its sort: and God saw that it was good.
καὶ ἐποίησεν ὁ θεὸς τὰ θηρία τῆς γῆς κατὰ γένος καὶ τὰ κτήνη κατὰ γένος καὶ πάντα τὰ ἑρπετὰ τῆς γῆς κατὰ γένος αὐτῶν καὶ εἶδεν ὁ θεὸς ὅτι καλά

- 26 ¶ Bondye di ankò. Ann fè moun. N'ap fè l' pòtre ak nou, pou li sanble ak nou. La gen pouvwa sou pwason ki nan lanmè yo, sou zwazo ki nan syèl la, sou tout bèt yo gade, sou tout latè, sou tout bèt nan bwa, sou tout bèt ki trennen sou vant sou tè a.
And God said, Let us make man in our image, like us: and let him have rule over the fish of the sea and over the birds of the air and over the cattle and over all the earth and over every living thing which goes flat on the earth.
 και εἶπεν ὁ θεὸς ποιήσωμεν ἄνθρωπον κατ' εἰκόνα ἡμετέραν καὶ καθ' ὁμοίωσιν καὶ ἀρχέτωσαν τῶν ἰχθύων τῆς θαλάσσης καὶ τῶν πετεινῶν τοῦ οὐρανοῦ καὶ τῶν κτηνῶν καὶ πάσης τῆς γῆς καὶ πάντων τῶν ἔρπετων τῶν ἔρπόντων ἐπὶ τῆς γῆς
- 27 Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi.
And God made man in his image, in the image of God he made him: male and female he made them.
 και ἐποίησεν ὁ θεὸς τὸν ἄνθρωπον κατ' εἰκόνα θεοῦ ἐποίησεν αὐτόν ἄρσεν καὶ θῆλυ ἐποίησεν αὐτούς
- 28 Li ba yo benediksyon, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a. Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa sou pwason ki nan lanmè, sou zwazo ki nan syèl la, ak sou tout bèt vivan k'ap mache sou tè a.
And God gave them his blessing and said to them, Be fertile and have increase, and make the earth full and be masters of it; be rulers over the fish of the sea and over the birds of the air and over every living thing moving on the earth.
 και ἠλόγησεν αὐτούς ὁ θεὸς λέγων αὐξάνεσθε καὶ πληθύνεσθε καὶ πληρώσατε τὴν γῆν καὶ κατακυριεύσατε αὐτῆς καὶ ἄρχετε τῶν ἰχθύων τῆς θαλάσσης καὶ τῶν πετεινῶν τοῦ οὐρανοῦ καὶ πάντων τῶν κτηνῶν καὶ πάσης τῆς γῆς καὶ πάντων τῶν ἔρπετων τῶν ἔρπόντων ἐπὶ τῆς γῆς
- 29 ¶ Bondye di. Gade. Mwen ban nou tout kalite plant ki bay grenn ak tout kalite pyebwa ki bay fwi ak grenn pou nou manje.
And God said, See, I have given you every plant producing seed, on the face of all the earth, and every tree which has fruit producing seed: they will be for your food:
 και εἶπεν ὁ θεὸς ἰδοὺ δέδωκα ὑμῖν πᾶν χόρτον σπόριμον σπείρον σπέρμα ὃ ἐστὶν ἐπάνω πάσης τῆς γῆς καὶ πᾶν ξύλον ὃ ἔχει ἐν ἑαυτῷ καρπὸν σπέρματος σπορίμου ὑμῖν ἔσται εἰς βρώσιν
- 30 Men, tout bèt ki sou tè a, tout zwazo ki nan syèl la, tout bèt ki trennen sou vant, wi tout bèt vivan, m'ap ba yo zèb vèt pou yo manje. Se konsa sa te pase.
And to every beast of the earth and to every bird of the air and every living thing moving on the face of the earth I have given every green plant for food: and it was so.
 και πᾶσι τοῖς θηρίοις τῆς γῆς καὶ πᾶσι τοῖς πετεινοῖς τοῦ οὐρανοῦ καὶ παντὶ ἔρπετῷ τῷ ἔρποντι ἐπὶ τῆς γῆς ὃ ἔχει ἐν ἑαυτῷ ψυχήν ζωῆς πάντα χόρτον χλωρὸν εἰς βρώσιν καὶ ἐγένετο οὕτως
- 31 ¶ Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon nèt. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te sizyèm jou a.
And God saw everything which he had made and it was very good. And there was evening and there was morning, the sixth day.
 και εἶδεν ὁ θεὸς τὰ πάντα ὃσα ἐποίησεν καὶ ἰδοὺ καλὰ λίαν καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ ἐγένετο πρωὶ ἡμέρα ἕκτη
- 1 ¶ Konsa, Bondye te fin fè syèl la, latè a ansanm ak tout sa ki ladan yo.
And the heaven and the earth and all things in them were complete.
 και συνετελέσθησαν ὁ οὐρανὸς καὶ ἡ γῆ καὶ πᾶς ὁ κόσμος αὐτῶν
- 2 Sou sis jou, Bondye te fin fè tout sa l' t'ap fè a. Setyèm jou a, li sispann travay.
And on the seventh day God came to the end of all his work; and on the seventh day he took his rest from all the work which he had done.
 και συνετέλεσεν ὁ θεὸς ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἕκτῃ τὰ ἔργα αὐτοῦ ἃ ἐποίησεν καὶ κατέπαυσεν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ ἀπὸ πάντων τῶν ἔργων αὐτοῦ ὧν ἐποίησεν
- 3 Li beni setyèm jou a, li mete l' apa pou li, paske se jou sa a li te sispann travay apre li te fin kreye tout sa l' t'ap kreye a.
And God gave his blessing to the seventh day and made it holy: because on that day he took his rest from all the work which he had made and done.
 και ἠλόγησεν ὁ θεὸς τὴν ἡμέραν τὴν ἑβδόμην καὶ ἡγίασεν αὐτήν ὅτι ἐν αὐτῇ κατέπαυσεν ἀπὸ πάντων τῶν ἔργων αὐτοῦ ὧν ἤρξατο ὁ θεὸς ποιῆσαι
- 4 ¶ Se konsa sa te pase lè Bondye t'ap kreye syèl la ak latè a. Lè Seyè a, Bondye a, t'ap fè latè ansanm ak tou sa ki nan syèl la,
These are the generations of the heaven and the earth when they were made.
 αὕτη ἡ βίβλος γενέσεως οὐρανοῦ καὶ γῆς ὅτε ἐγένετο ἡ ἡμέρα ἐποίησεν ὁ θεὸς τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 5 pa t' gen yon ti pyebwa sou tè a. Ankenn zèb pa t' ankò pouse nan jaden, paske Bondye pa t' voye lapli tonbe sou tè a. Lèfini, pa t' gen moun pou travay latè.
In the day when the Lord God made earth and heaven there were no plants of the field on the earth, and no grass had come up: for the Lord God had not sent rain on the earth and there was no man to do work on the land.
 και πᾶν χλωρὸν ἀγροῦ πρὸ τοῦ γενέσθαι ἐπὶ τῆς γῆς καὶ πάντα χόρτον ἀγροῦ πρὸ τοῦ ἀνατεῖλαι οὐ γὰρ ἔβρεξεν ὁ θεὸς ἐπὶ τὴν γῆν καὶ ἄνθρωπος οὐκ ἦν ἐργάζεσθαι τὴν γῆν
- 6 Men, yon vapè dlo leve soti nan tè a, li wouze tout tè a.
But a mist went up from the earth, watering all the face of the land.
 πηγὴ δὲ ἀνέβαινεν ἐκ τῆς γῆς καὶ ἐπότιζεν πᾶν τὸ πρόσωπον τῆς γῆς

- 7 Lè sa a, Seyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè yon nonm. Li souffle nan twou nen nonm lan pou l' ba li lavi. Epi nonm lan vin vivan.
And the Lord God made man from the dust of the earth, breathing into him the breath of life: and man became a living soul.
 και ἐπλασεν ὁ θεὸς τὸν ἄνθρωπον χοῦν ἀπὸ τῆς γῆς και ἐνεφύσησεν εἰς τὸ πρόσωπον αὐτοῦ πνοὴν ζωῆς και ἐγένετο ὁ ἄνθρωπος εἰς ψυχὴν ζῶσαν
- 8 ¶ Seyè a, Bondye a, plante yon jaden yon kote yo rele Edenn, bò kote solèy leve a. Se la li mete nonm li te fè a.
And the Lord God made a garden in the east, in Eden; and there he put the man whom he had made.
 και ἐφύτευσεν κύριος ὁ θεὸς παράδεισον ἐν ἔδεμ κατὰ ἀνατολὰς και ἔθετο ἐκεῖ τὸν ἄνθρωπον ὃν ἐπλασεν
- 9 Seyè a, Bondye a, te fè tout kalite pyebwa leve nan jaden an, bèl pyebwa ki donnen fwi ki bon pou manje. Nan mitan jaden an te gen de gwo pyebwa. Yonn se te pyebwa ki bay lavi a, lòt la se te pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la.
And out of the earth the Lord made every tree to come, delighting the eye and good for food; and in the middle of the garden, the tree of life and the tree of the knowledge of good and evil.
 και ἐξάνετειλεν ὁ θεὸς ἔτι ἐκ τῆς γῆς πᾶν ξύλον ὠραῖον εἰς ὄρασιν και καλὸν εἰς βρώσιν και τὸ ξύλον τῆς ζωῆς ἐν μέσῳ τῷ παραδείσῳ και τὸ ξύλον τοῦ εἰδένα γνωστὸν καλοῦ και πονηροῦ
- 10 Yon gwo larivyè soti nan peyi Edenn, li wouze jaden an. Larivyè a te fè kat branch.
And a river went out of Eden giving water to the garden; and from there it was parted and became four streams.
 ποταμὸς δὲ ἐκπορεύεται ἐξ ἔδεμ ποτίζειν τὸν παράδεισον ἐκεῖθεν ἀφορίζεται εἰς τέσσαρας ἀρχάς
- 11 Premye branch lan te rele Pichon. Se larivyè sa a ki wouze tout peyi Avila a, peyi kote yo jwenn anpil lò a.
The name of the first is Pishon, which goes round about all the land of Havilah where there is gold.
 ὄνομα τῷ ἐνὶ φισσὸν οὗτος ὁ κυκλῶν πᾶσαν τὴν γῆν εὐίλατ ἐκεῖ οὗ ἔστιν τὸ χρυσίον
- 12 Se nan peyi sa a yo jwenn pi bon lò ansanm ak pyebwa gonm arabik ak yon pyè wouj ki koute chè yo rele oniks.
And the gold of that land is good: there is bdellium and the onyx stone.
 τὸ δὲ χρυσίον τῆς γῆς ἐκείνης καλὸν και ἐκεῖ ἔστιν ὁ ἀνθραξ και ὁ λίθος ὁ πράσινος
- 13 Dezyèm larivyè a rele Giyon. Se li ki wouze tout peyi Kouch la.
And the name of the second river is Gihon: this river goes round all the land of Cush.
 και ὄνομα τῷ ποταμῷ τῷ δευτέρῳ γῆων οὗτος ὁ κυκλῶν πᾶσαν τὴν γῆν αἰθιοπίας
- 14 Twazyèm larivyè a rele Tig. Se li ki pase nan peyi Lasiri, sou bò solèy leve a. Katrivyèm larivyè a se Lefrat.
And the name of the third river is Tigris, which goes to the east of Assyria. And the fourth river is Euphrates.
 και ὁ ποταμὸς ὁ τρίτος τίγρις οὗτος ὁ πορευόμενος κατέναντι ἀσσυρίων ὁ δὲ ποταμὸς ὁ τέταρτος οὗτος εὐφράτης
- 15 Seyè a, Bondye a, pran nonm lan, li mete l' nan jaden Edenn lan pou l' travay li, pou l' pran swen l'.
And the Lord God took the man and put him in the garden of Eden to do work in it and take care of it.
 και ἔλαβεν κύριος ὁ θεὸς τὸν ἄνθρωπον ὃν ἐπλασεν και ἔθετο αὐτὸν ἐν τῷ παραδείσῳ ἐργάζεσθαι αὐτὸν και φυλάσσειν
- 16 ¶ Seyè a, Bondye a, bay nonm lan lòd sa a. Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an.
And the Lord God gave the man orders, saying, You may freely take of the fruit of every tree of the garden:
 και ἐνετείλατο κύριος ὁ θεὸς τῷ ἀδαμ λέγων ἀπὸ παντὸς ξύλου τοῦ ἐν τῷ παραδείσῳ βρώσει φάγη
- 17 Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l', w'ap mouri.
But of the fruit of the tree of the knowledge of good and evil you may not take; for on the day when you take of it, death will certainly come to you.
 ἀπὸ δὲ τοῦ ξύλου τοῦ γινώσκειν καλὸν και πονηρὸν οὐ φάγεσθε ἀπ' αὐτοῦ ἢ δ' ἂν ἡμέρα φάγητε ἀπ' αὐτοῦ θανάτῳ ἀποθανεῖσθε
- 18 ¶ Seyè a, Bondye a, di ankò. Sa pa bon pou nonm lan rete pou kont li. M'ap fè yon lòt moun sanble avè l' pou ede l'.
And the Lord God said, It is not good for the man to be by himself: I will make one like himself as a help to him
 και εἶπεν κύριος ὁ θεός οὐ καλὸν εἶναι τὸν ἄνθρωπον μόνον ποιήσωμεν αὐτῷ βοηθὸν κατ' αὐτόν
- 19 Se konsa, Seyè a, Bondye a, pran pousyè tè, li fè tout kalite zannimo ki nan savann ak tout kalite zwazo k'ap vole nan syèl la. Lè l' fini, li mennen yo bay nonm lan pou wè ki non li tapral ba yo. Se non li te ba yo a ki rete pou yo nèt.
And from the earth the Lord God made every beast of the field and every bird of the air, and took them to the man to see what names he would give them: and whatever name he gave to any living thing, that was its name.
 και ἐπλασεν ὁ θεὸς ἔτι ἐκ τῆς γῆς πάντα τὰ θηρία τοῦ ἀγροῦ και πάντα τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ και ἤγαγεν αὐτὰ πρὸς τὸν ἀδαμ ἰδεῖν τί καλέσει αὐτὰ και πᾶν ὃ ἐν ἐκάλεσεν αὐτὸ ἀδαμ ψυχὴν ζῶσαν τ οὗτο ὄνομα αὐτοῦ

- 20 Se konsa, nonm lan bay tout bèt yo gade, tout bèt nan bwa ak tout zwazo ki nan syèl la non yo. Men, pa t' gen yonn ki te sanble avè l', ki ta ka ede l'.
And the man gave names to all cattle and to the birds of the air and to every beast of the field; but Adam had no one like himself as a help.
 και ἐκάλεσεν ἀδὰμ ὀνόματα πᾶσιν τοῖς κτήνεσιν καὶ πᾶσι τοῖς πετεινοῖς τοῦ οὐρανοῦ καὶ πᾶσι τοῖς θηρίοις τοῦ ἀγροῦ τῷ δὲ ἀδὰμ οὐχ εὗρέθη βοηθὸς ὅμοιος αὐτῷ
- 21 ¶ Lè sa a, Seyè a, Bondye a, fè dòmi pran nonm lan. Msye dòmi nèt ale. Pandan l'ap dòmi an, Bondye louvri bò kòt li, li wete yon zo kòt. Apre sa, li fèmen twou a byen fèmen.
And the Lord God sent a deep sleep on the man, and took one of the bones from his side while he was sleeping, joining up the flesh again in its place:
 και ἐπέβαλεν ὁ θεὸς ἔκστασιν ἐπὶ τὸν ἀδὰμ καὶ ὑπνωσεν καὶ ἔλαβεν μίαν τῶν πλευρῶν αὐτοῦ καὶ ἀνεπλήρωσεν σάρκα ἀντ' αὐτῆς
- 22 Avèk zo kòt li te wete nan nonm lan, li fè yon fanm, li mennen l' ba li.
And the bone which the Lord God had taken from the man he made into a woman, and took her to the man.
 και ὠκοδόμησεν κύριος ὁ θεὸς τὴν πλευράν ἣν ἔλαβεν ἀπὸ τοῦ ἀδὰμ εἰς γυναῖκα καὶ ἤγαγεν αὐτὴν πρὸς τὸν ἀδὰμ
- 23 Lè nonm lan wè l', li di. Aa! Fwa sa a, men yonn ki menm jan avè m'! Zo l' se zo mwen. Chè l' se chè mwen. Y'a rele l' fanm, paske se nan gason li soti.
And the man said, This is now bone of my bone and flesh of my flesh: let her name be Woman because she was taken out of Man.
 και εἶπεν ἀδὰμ τοῦτο νῦν ὅστων ἐκ τῶν ὀστέων μου καὶ σὰρξ ἐκ τῆς σαρκός μου αὕτη κληθήσεται γυνὴ ὅτι ἐκ τοῦ ἀνδρὸς αὐτῆς ἐλήμφθη αὕτη
- 24 Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li, pou tout de fè yon sèl.
For this cause will a man go away from his father and his mother and be joined to his wife; and they will be one flesh.
 ἔνεκεν τούτου καταλείψει ἄνθρωπος τὸν πατέρα αὐτοῦ καὶ τὴν μητέρα αὐτοῦ καὶ προσκολληθήσεται πρὸς τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ ἔσονται οἱ δύο εἰς σάρκα μίαν
- 25 Nonm lan ak madanm li te toutouni. Men, yo pa t' wont rete konsa.
And the man and his wife were without clothing, and they had no sense of shame.
 και ἦσαν οἱ δύο γυμνοὶ ὃ τε ἀδὰμ καὶ ἡ γυνὴ αὐτοῦ καὶ οὐκ ἦσχύνοντο
- 1 ¶ Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje Seyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa. Eske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an?
Now the snake was wiser than any beast of the field which the Lord God had made. And he said to the woman, Has God truly said that you may not take of the fruit of any tree in the garden?
 ὁ δὲ ὄφεις ἦν φρονιμώτατος πάντων τῶν θηρίων τῶν ἐπὶ τῆς γῆς ὧν ἐποίησεν κύριος ὁ θεὸς καὶ εἶπεν ὁ ὄφεις τῇ γυναικί τί ὅτι εἶπεν ὁ θεὸς οὐ μὴ φάγητε ἀπὸ παντὸς ξύλου τοῦ ἐν τῷ παραδείσῳ
- 2 Fanm lan reponn sèpan an. Nou gen dwa manje donn tout pyebwa ki nan jaden an.
And the woman said, We may take of the fruit of the trees in the garden:
 και εἶπεν ἡ γυνὴ τῷ ὄφει ἀπὸ καρποῦ ξύλου τοῦ παραδείσου φαγόμεθα
- 3 Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, Bondye di. Piga nou manje ladan l', piga nou manyen l' menm. Sinon, n'ap mourì.
But of the fruit of the tree in the middle of the garden, God has said, If you take of it or put your hands on it, death will come to you.
 ἀπὸ δὲ καρποῦ τοῦ ξύλου ὃ ἐστὶν ἐν μέσῳ τοῦ παραδείσου εἶπεν ὁ θεὸς οὐ φάγεσθε ἀπ' αὐτοῦ οὐδὲ μὴ ἄψησθε αὐτοῦ ἵνα μὴ ἀποθάνητε
- 4 Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vre. Nou p'ap mourì kras.
And the snake said, Death will not certainly come to you:
 και εἶπεν ὁ ὄφεις τῇ γυναικί οὐ θανάτῳ ἀποθανεῖσθε
- 5 Bondye di nou sa paske li konnen jou nou manje ladan l', je nou va louvri. n'a vin tankou Bondye, n'a konn sa ki byen ak sa ki mal.
For God sees that on the day when you take of its fruit, your eyes will be open, and you will be as gods, having knowledge of good and evil.
 ἦδει γὰρ ὁ θεὸς ὅτι ἐν ἡ ἡμέρᾳ φάγητε ἀπ' αὐτοῦ διανοιχθήσονται ὕμῶν οἱ ὀφθαλμοὶ καὶ ἔσεσθε ὡς θεοὶ γινώσκοντες καλὸν καὶ πονηρὸν
- 6 ¶ Fanm lan gade, li wè jan pyebwa a te bèl, jan fwi yo sanble yo ta bon nan bouch. Li santi li ta manje ladan l' pou je l' ka louvri. Li keyi kèk fwi. Li manje, li pote bay mari l' ki manje tou.
And when the woman saw that the tree was good for food, and a delight to the eyes, and to be desired to make one wise, she took of its fruit, and gave it to her husband.
 και εἶδεν ἡ γυνὴ ὅτι καλὸν τὸ ξύλον εἰς βρώσιν καὶ ὅτι ἀρεστὸν τοῖς ὀφθαλμοῖς ἰδεῖν καὶ ὠραῖόν ἐστιν τοῦ κατανοῆσαι καὶ λαβοῦσα τοῦ καρποῦ αὐτοῦ ἔφαγεν καὶ ἔδωκεν καὶ τῷ ἀνδρὶ αὐτῆς μετ' αὐτῆς καὶ ἔφαγον
- 7 Manje yo fin manje, je yo louvri, lè sa a, yo vin konnen yo toutouni. Yo pran kèk fèy figfrans, yo koud yo ansanm, yo fè tanga mete sou yo.
And their eyes were open and they were conscious that they had no clothing and they made themselves coats of leaves stitched together.
 και διηνοιχθησαν οἱ ὀφθαλμοὶ τῶν δύο καὶ ἔγνωσαν ὅτι γυμνοὶ ἦσαν καὶ ἔρραψαν φύλλα συκῆς καὶ ἐποίησαν ἑαυτοῖς περιζώματα

- 8 Jou sa a, solèy te fèk fin kouche lè nonm lan ak madanm li tande vwa Seyè a, Bondye a, ki t'ap pwonmennen nan jaden an. Y' al kache nan mitan pyebwa ki nan jaden an pou Seyè a, Bondye a, pa wè yo.
And there came to them the sound of the Lord God walking in the garden in the evening wind: and the man and his wife went to a secret place among the trees of the garden, away from the eyes of the Lord God.
καὶ ἤκουσαν τὴν φωνὴν κυρίου τοῦ θεοῦ περιπατοῦντος ἐν τῷ παραδείσῳ τὸ δειλινόν καὶ ἐκρύβησαν ὃ τε ἀδὰμ καὶ ἡ γυνὴ αὐτοῦ ἀπὸ προσώπου κυρίου τοῦ θεοῦ ἐν μέσῳ τοῦ ξύλου τοῦ παραδείσου
- 9 ¶ Men, Seyè a, Bondye a, rele nonm lan, li di l'. Kote ou ye?
And the voice of the Lord God came to the man, saying, Where are you?
καὶ ἐκάλεσεν κύριος ὁ θεὸς τὸν ἀδὰμ καὶ εἶπεν αὐτῷ ἀδὰμ ποῦ εἶ
- 10 Nonm lan reponn li. Mwen tande vwa ou nan jaden an, mwen pè. M al kache pou ou, paske mwen toutouni.
And he said, Hearing your voice in the garden I was full of fear, because I was without clothing: and I kept myself from your eyes.
καὶ εἶπεν αὐτῷ τὴν φωνὴν σου ἤκουσα περιπατοῦντος ἐν τῷ παραδείσῳ καὶ ἐφοβήθη ὅτι γυμνός εἰμι καὶ ἐκρύβην
- 11 ¶ Seyè a, Bondye a, di l'. Ki moun ki di ou te toutouni? Eske ou te manje fwi pyebwa mwen te di ou pa manje a?
And he said, Who gave you the knowledge that you were without clothing? Have you taken of the fruit of the tree which I said you were not to take?
καὶ εἶπεν αὐτῷ τίς ἀνήγγειλέν σοι ὅτι γυμνός εἶ μὴ ἀπὸ τοῦ ξύλου οὗ ἐνετειλάμην σοι τούτου μόνου μὴ φαγεῖν ἀπ' αὐτοῦ ἔφαγες
- 12 Nonm lan reponn. Fanm ou te ban mwen an, se li menm ki ban mwen fwi pyebwa a pou m' manje, epi mwen manje l'.
And the man said, The woman whom you gave to be with me, she gave me the fruit of the tree and I took it.
καὶ εἶπεν ὁ ἀδὰμ ἡ γυνὴ ἣν ἔδωκας μετ' ἐμοῦ αὕτη μοι ἔδωκεν ἀπὸ τοῦ ξύλου καὶ ἔφαγον
- 13 Seyè a, Bondye a, mande fanm lan. Poukisa ou fè sa? Fanm lan reponn li. Se pa mwen non! Se sèpan an wi ki pran tèt mwen ki fè m' manje l'.
And the Lord God said to the woman, What have you done? And the woman said, I was tricked by the deceit of the snake and I took it.
καὶ εἶπεν κύριος ὁ θεὸς τῇ γυναικί τί τοῦτο ἐποίησας καὶ εἶπεν ἡ γυνὴ ὁ ὄφις ἠπάτησέν με καὶ ἔφαγον
- 14 ¶ Seyè a, Bondye a, di sèpan an konsa. Poutèt sa ou fè a, ou madichonnen nan mitan tout bèt jaden ak tout bèt nan bwa. W'a rale sou vant ou. W'a manje pousyè tè jouk jou ou mourir.
And the Lord God said to the snake, Because you have done this you are cursed more than all cattle and every beast of the field; you will go flat on the earth, and dust will be your food all the days of your life:
καὶ εἶπεν κύριος ὁ θεὸς τῷ ὄφει ὅτι ἐποίησας τοῦτο ἐπικατάρατος σὺ ἀπὸ πάντων τῶν κτηνῶν καὶ ἀπὸ πάντων τῶν θηρίων τῆς γῆς ἐπὶ τῷ στήθει σου καὶ τῇ κοιλίᾳ πορεύσει καὶ γῆν φάγη πάσας τὰς ἡμέρας τῆς ζωῆς σου
- 15 Ou menm ak fanm lan, m'ap fè nou lènmi yonn ak lòt. Pitit pitit pa l' ak pitit pitit pa ou ap lènmi tou. Pitit pitit li ap kraze tèt ou, epi ou menm w'ap mòde l' nan talon pye l'.
And there will be war between you and the woman and between your seed and her seed: by him will your head be crushed and by you his foot will be wounded.
καὶ ἔχθραν θήσω ἀνὰ μέσον σου καὶ ἀνὰ μέσον τῆς γυναικὸς καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ σπέρματός σου καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ σπέρματος αὐτῆς αὐτός σου τηρήσει κεφαλὴν καὶ σὺ τηρήσεις αὐτοῦ πτέρναν
- 16 ¶ Li di fanm lan. Lè w'ap fè pitit, m'ap fè soufrans ou vin pi rèd. Wa gen pou soufri anpil lè w'ap akouche. W'ap toujou anvri mari ou. Men, se mari ou ki va chèf ou.
To the woman he said, Great will be your pain in childbirth; in sorrow will your children come to birth; still your desire will be for your husband, but he will be your master.
καὶ τῇ γυναικί εἶπεν πληθύνων πληθυνῶ τὰς λύπαις σου καὶ τὸν στεναγμόν σου ἐν λύπαις τέξῃ τέκνα καὶ πρὸς τὸν ἄνδρα σου ἡ ἀποστροφή σου καὶ αὐτός σου κυριεύσει
- 17 ¶ Apre sa li di Adan. Ou koute pawòl madanm ou, pa vre! Ou manje fwi pyebwa mwen te ba ou lòd pa manje a. Poutèt sa ou fè a, m'ap madichonnen tè a. W'a gen pou travay di toutan pou fè tè a bay sa ou bezwen pou viv.
And to Adam he said, Because you gave ear to the voice of your wife and took of the fruit of the tree which I said you were not to take, the earth is cursed on your account; in pain you will get your food from it all your life.
τῷ δὲ ἀδὰμ εἶπεν ὅτι ἤκουσας τῆς φωνῆς τῆς γυναικὸς σου καὶ ἔφαγες ἀπὸ τοῦ ξύλου οὗ ἐνετειλάμην σοι τούτου μόνου μὴ φαγεῖν ἀπ' αὐτοῦ ἐπικατάρατος ἡ γῆ ἐν τοῖς ἔργοις σου ἐν λύπαις φάγη αὐτὴν ἅσας τὰς ἡμέρας τῆς ζωῆς σου
- 18 Tè a va kale tout kalite pikan ak pengwen ba ou. W'a manje fèy ki pouse nan raje.
Thorns and waste plants will come up, and the plants of the field will be your food;
ἀκάνθας καὶ τριβόλους ἀνατελεῖ σοι καὶ φάγη τὸν χόρτον τοῦ ἀγροῦ
- 19 Se swe kouraj ou ki pou fè ou mete yon moso pen nan bouch ou jouk lè wa tounen nan tè kote ou sot a. Paske, se pousyè ou ye, ou gen pou tounen pousyè ankò.
With the hard work of your hands you will get your bread till you go back to the earth from which you were taken: for dust you are and to the dust you will go back.
ἐν ἰδρωτί τοῦ προσώπου σου φάγη τὸν ἄρτον σου ἕως τοῦ ἀποστρέψαι σε εἰς τὴν γῆν ἐξ ἧς ἐλήμφθης ὅτι γῆ εἶ καὶ εἰς γῆν ἀπελεύσει

- 20 ¶ Adan bay madanm li non, li rele l' Ev, paske se li menm ki manman tout moun k'ap viv sou tè a.
And the man gave his wife the name of Eve because she was the mother of all who have life.
 και ἐκάλεσεν ἀδὰμ τὸ ὄνομα τῆς γυναῖκος αὐτοῦ ζωή ὅτι αὕτη μήτηρ πάντων τῶν ζώντων
- 21 ¶ Lè sa a, Seyè a, Bondye a, pran po bèt, li fè rad pou Adan ansanm ak madanm li, li biye yo.
And the Lord God made for Adam and for his wife coats of skins for their clothing.
 και ἐποίησεν κύριος ὁ θεὸς τῷ ἀδὰμ καὶ τῇ γυναίκί αὐτοῦ χιτῶνας δερματίνους καὶ ἐνέδυσεν αὐτούς
- 22 ¶ Apre sa, Seyè a, Bondye a, di. Koulye a, Adan vin konnen sa ki byen ak sa ki mal tankou yonn nan nou. Nou p'ap kite l' lonje men l' keyi fwi pyebwa ki bay lavi a pou l' manje l', pou l' pa viv pou tout tan.
And the Lord God said, Now the man has become like one of us, having knowledge of good and evil; and now if he puts out his hand and takes of the fruit of the tree of life, he will go on living for ever.
 και εἶπεν ὁ θεὸς ἰδοὺ ἀδὰμ γέγονεν ὡς εἷς ἐξ ἡμῶν τοῦ γινώσκειν καλὸν καὶ πονηρὸν καὶ νῦν μήποτε ἐκτείνῃ τὴν χεῖρα καὶ λάβῃ τοῦ ξύλου τῆς ζωῆς καὶ φάγῃ καὶ ζήσεται εἰς τὸν αἰῶνα
- 23 Se konsa, Seyè a, Bondye a, mete Adan deyò nan jaden Edenn lan. Li voye l' al travay tè, menm tè Bondye te pran pou fè l' la.
So the Lord God sent him out of the garden of Eden to be a worker on the earth from which he was taken.
 και ἐξαπέστειλεν αὐτὸν κύριος ὁ θεὸς ἐκ τοῦ παραδείσου τῆς τρυφῆς ἐργάζεσθαι τὴν γῆν ἐξ ἧς ἐλήμφθη
- 24 Se konsa, li te mete Adan deyò. Sou bò kote solèy leve nan jaden an, li mete kèk zanj cheriben ak yon manchèt klere kou dife nan men yo. Yo t'ap dragonnen nan tout direksyon pou anpeche moun pwоче bò pyebwa ki bay lavi a.
So he sent the man out; and at the east of the garden of Eden he put winged ones and a flaming sword turning every way to keep the way to the tree of life.
 και ἐξέβαλεν τὸν ἀδὰμ καὶ κατέκτισεν αὐτὸν ἀπέναντι τοῦ παραδείσου τῆς τρυφῆς καὶ ἔταξεν τὰ χερουβὶμ καὶ τὴν φλογίνην ῥομφαίαν τὴν στρεφομένην φυλάσσειν τὴν ὁδὸν τοῦ ξύλου τῆς ζωῆς
- 1 ¶ Lè sa a, Adan kouche ak Ev, madanm li. Madanm li vin ansent. Li fè yon pitit gason, li rele l' Kayen, epi li di. Avèk konkou Bondye, mwen gen yon gason.
And the man had connection with Eve his wife, and she became with child and gave birth to Cain, and said, I have got a man from the Lord.
 ἀδὰμ δὲ ἔγνω εὐαν τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν τὸν καιν καὶ εἶπεν ἐκτησάμην ἄνθρωπον διὰ τοῦ θεοῦ
- 2 Apre sa, li fè Abèl, frè Kayen. Abèl te gadò mouton, Kayen menm te travay latè.
Then again she became with child and gave birth to Abel, his brother. And Abel was a keeper of sheep, but Cain was a farmer.
 και προσέθηκεν τεκεῖν τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ τὸν ἀβελ καὶ ἐγένετο ἀβελ ποιμὴν προβάτων καιν δὲ ἦν ἐργαζόμενος τὴν γῆν
- 3 ¶ Kèk tan apre sa, Kayen pran nan rekòt li, li ofri bay Seye a.
And after a time, Cain gave to the Lord an offering of the fruits of the earth.
 και ἐγένετο μεθ' ἡμέρας ἤνεγκεν καιν ἀπὸ τῶν καρπῶν τῆς γῆς θυσίαν τῷ κυρίῳ
- 4 Abèl menm, bò pa l', pran sa ki pi gra nan premye pitit mouton l' yo, li ofri bay Seyè a. Seyè a te kontan ofrann Abèl la.
And Abel gave an offering of the young lambs of his flock and of their fat. And the Lord was pleased with Abel's offering;
 και ἀβελ ἤνεγκεν καὶ αὐτὸς ἀπὸ τῶν πρωτοτόκων τῶν προβάτων αὐτοῦ καὶ ἀπὸ τῶν στεάτων αὐτῶν καὶ ἐπέειδεν ὁ θεὸς ἐπὶ ἀβελ καὶ ἐπὶ τοῖς δόροις αὐτοῦ
- 5 Men, li pa t' asepte ofrann Kayen an. Lè Kayen wè sa, li te move anpil. Li move, li mare figi l' byen mare.
But in Cain and his offering he had no pleasure. And Cain was angry and his face became sad.
 ἐπὶ δὲ καιν καὶ ἐπὶ ταῖς θυσίαις αὐτοῦ οὐ προσέσχεν καὶ ἐλύπησεν τὸν καιν λίαν καὶ συνέπεσεν τῷ προσώπῳ
- 6 ¶ Lè sa a, Seyè a di Kayen. Poukisa ou move konsa? Poukisa ou mare figi ou konsa?
And the Lord said to Cain, Why are you angry? and why is your face sad?
 και εἶπεν κύριος ὁ θεὸς τῷ καιν ἴνα τί περιλύπος ἐγένου καὶ ἴνα τί συνέπεσεν τὸ πρόσωπόν σου
- 7 Si sa ou te fè a te byen, ou pa ta rive nan sitiyasyon sa a. Men, paske ou fè sa ki mal, peche kouche nan papòt ou. L'ap tann konsa lè pou l' pran tèt ou. Men, ou menm, se pou ou kenbe tèt ak li.
If you do well, will you not have honour? and if you do wrong, sin is waiting at the door, desiring to have you, but do not let it be your master.
 οὐκ ἐὰν ὀρθῶς προσενέγκῃς ὀρθῶς δὲ μὴ διέλθῃς ἡμάρτες ἡσύχασον πρὸς σὲ ἡ ἀποστροφή αὐτοῦ καὶ σὺ ἄρξεις αὐτοῦ
- 8 ¶ Yon jou, Kayen di Abèl, frè li. Ann al nan jaden. Vwala, antan yo nan jaden an, Kayen vire sou frè li, li touye li.
And Cain said to his brother, Let us go into the field: and when they were in the field, Cain made an attack on his brother Abel and put him to death.
 και εἶπεν καιν πρὸς ἀβελ τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ διέλθωμεν εἰς τὸ πεδῖον καὶ ἐγένετο ἐν τῷ εἶναι αὐτούς ἐν τῷ πεδίῳ καὶ ἀνέστη καιν ἐπὶ ἀβελ τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ καὶ ἀπέκτεινεν αὐτόν

- 9 ¶ Seyè a mande Kayen. Kote Abèl, frè ou la? Kayen reponn. Mwen pa konnen. Eske ou te mete m' veye l'?
- And the Lord said to Cain, Where is your brother Abel? And he said, I have no idea: am I my brother's keeper?*
- καὶ εἶπεν ὁ θεὸς πρὸς καὶν ποῦ ἐστὶν ἀβελ ὁ ἀδελφός σου ὃ δὲ εἶπεν οὐ γινώσκω μὴ φύλαξ τοῦ ἀδελφοῦ μου εἰμι ἐγὼ*
- 10 Bondye di l' konsa. Kisa ou fè konsa? San Abèl, frè ou, ki koule atè a, ap rele tankou yon vwa moun. Li rive jouk nan zòrèy mwen. L'ap mande revanj.
- And he said, What have you done? the voice of your brother's blood is crying to me from the earth.*
- καὶ εἶπεν ὁ θεός τί ἐποίησας φωνὴ αἵματος τοῦ ἀδελφοῦ σου βοᾷ πρὸς με ἐκ τῆς γῆς*
- 11 Koulye a, tè ki te louvri bouch li pou l' te bwè san frè ou ou te fè koule a, menm tè sa a ap tounen yon madichon pou ou.
- And now you are cursed from the earth, whose mouth is open to take your brother's blood from your hand;*
- καὶ νῦν ἐπικατάρατος σὺ ἀπὸ τῆς γῆς ἣ ἔχανεν τὸ στόμα αὐτῆς δέξασθαι τὸ αἷμα τοῦ ἀδελφοῦ σου ἐκ τῆς χειρός σου*
- 12 Lè w'a travay latè, li p'ap ba ou sa l' te dwe ba ou. W'ap tounen yon vakabon k'ap plede mache toupatou sou latè san rete.
- No longer will the earth give you her fruit as the reward of your work; you will be a wanderer in flight over the earth.*
- ὅτι ἐργᾷ τὴν γῆν καὶ οὐ προσθήσει τὴν ἰσχύν αὐτῆς δοῦναι σοὶ στένων καὶ τρέμων ἔση ἐπὶ τῆς γῆς*
- 13 ¶ Kayen di Seyè a: Chatiman an twòp pou mwen. Mwen p'ap ka sipòte l'.
- And Cain said, My punishment is greater than my strength.*
- καὶ εἶπεν καὶν πρὸς τὸν κύριον μείζων ἢ αἰτία μου τοῦ ἀφεθῆναι με*
- 14 Men ou mete m' deyò sou tè sa a koulye a, se kache pou m' al kache pou ou pa wè m'. M'ap tounen yon vakabon k'ap plede mache toupatou sou latè san rete. Nenpòt moun ki jwenn mwen va touye m'.
- You have sent me out this day from the face of the earth and from before your face; I will be a wanderer in flight over the earth, and whoever sees me will put me to death.*
- εἰ ἐκβάλλεις με σήμερον ἀπὸ προσώπου τῆς γῆς καὶ ἀπὸ τοῦ προσώπου σου κρυβήσομαι καὶ ἔσομαι στένων καὶ τρέμων ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἔσται πᾶς ὃ εὕρισκον με ἀποκτενεῖ με*
- 15 Seyè a di: Non. Paske, si yon moun touye Kayen, y'ap fè l' peye sa sèt fwa. Se konsa, li mete yon siy sou Kayen pou moun pa touye l' si yo jwenn li.
- And the Lord said, Truly, if Cain is put to death, seven lives will be taken for his. And the Lord put a mark on Cain so that no one might put him to death.*
- καὶ εἶπεν αὐτῷ κύριος ὁ θεός οὐχ οὕτως πᾶς ὃ ἀποκτείνας καὶν ἐπτὰ ἐκδικούμενα παραλύσει καὶ ἔθετο κύριος ὁ θεὸς σημεῖον τῷ καὶν τοῦ μὴ ἀνελεῖν αὐτὸν πάντα τὸν εὕρισκοντα αὐτόν*
- 16 ¶ Apre sa, Kayen wete kò l' devan Seyè a, li al rete nan yon peyi yo rele Nòd, lòt bò jaden Edenn lan, sou kote solèy leve a.
- And Cain went away from before the face of the Lord, and made his living-place in the land of Nod on the east of Eden.*
- ἐξῆλθεν δὲ καὶν ἀπὸ προσώπου τοῦ θεοῦ καὶ ῥῆκισεν ἐν γῆ ναὶδ κατέναντι ἐδεμ*
- 17 Kayen kouche avèk madanm li. Madanm li vin ansent, li fè yon ti gason yo rele Enòk. Apre sa, Kayen bati yon vil, li rele l' Enòk. Li ba l' menm non ak pitit gason l' lan.
- And Cain had connection with his wife and she became with child and gave birth to Enoch: and he made a town, and gave the town the name of Enoch after his son.*
- καὶ ἐγνω καὶν τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν τὸν ἐνωχ καὶ ἦν οἰκοδομῶν πόλιν καὶ ἐπωνόμασεν τὴν πόλιν ἐπὶ τῷ ὀνόματι τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ ἐνωχ*
- 18 Enòk te fè yon pitit gason yo rele Irad. Se Irad sa a ki te papa Meoujaèl. Meoujaèl te papa Metouchaèl. Se Metouchaèl ki te papa Lemèk.
- And Enoch had a son Irad: and Irad became the father of Mehujael: and Mehujael became the father of Methushael: and Methushael became the father of Lamech.*
- ἐγενήθη δὲ τῷ ἐνωχ γαῖδαδ καὶ γαῖδαδ ἐγέννησεν τὸν μαηλ καὶ μαηλ ἐγέννησεν τὸν μαθουσαλα καὶ μαθουσαλα ἐγέννησεν τὸν λαμεχ*
- 19 ¶ Lemèk te gen de madanm. Yonn te rele Ada, lòt la te rele Zila.
- And Lamech had two wives; the name of the one was Adah, and the name of the other Zillah.*
- καὶ ἔλαβεν ἑαυτῷ λαμεχ δύο γυναῖκας ὄνομα τῇ μιᾷ ἀδα καὶ ὄνομα τῇ δευτέρᾳ σελλα*
- 20 Se Ada ki manman Jabal. Jabal sa a, se li menm ki zansèt tout moun sa yo ki rete anba tant epi ki gade bèt.
- And Adah gave birth to Jabal: he was the father of such as are living in tents and keep cattle.*
- καὶ ἔτεκεν ἀδα τὸν ἰωβελ οὗτος ἦν ὁ πατὴρ οἰκούντων ἐν σκηναῖς κτηνοτρόφων*
- 21 Frè menm manman ak li a te rele Joubal. Se li menm ki zansèt tout moun sa yo k'ap jwe gita ak fif.
- And his brother's name was Jubal: he was the father of all players on instruments of music.*
- καὶ ὄνομα τῷ ἀδελφῷ αὐτοῦ ἰουβαλ οὗτος ἦν ὁ καταδείξας ψαλτήριον καὶ κιθάραν*
- 22 Zila menm bò pa l' te manman Toubal Kayen, yon bòs fòjon ki te konn travay kwiv ak fè. Toubal Kayen te gen yon sè menm manman ak li ki te rele Naama.
- And Zillah gave birth to Tubal-cain, who is the father of every maker of cutting instruments of brass and iron: and the sister of Tubal-cain was Naamah.*
- σελλα δὲ ἔτεκεν καὶ αὐτὴ τὸν θοβελ καὶ ἦν σφυροκόπος χαλκεὺς χαλκοῦ καὶ σιδήρου ἀδελφῆ δὲ θοβελ νοεμα*

- 23 ¶ Yon jou Lemèk di madanm li yo: Ada ak Zila, koute sa m'ap di nou! Madanm mwen yo, tandè byen sa m'ap di nou! Mwen touye yon moun paske li leve men li sou mwen. Mwen touye yon jenn gason paske li mete san m' deyò.
And Lamech said to his wives, Adah and Zillah, give ear to my voice; you wives of Lamech, give attention to my words, for I would put a man to death for a wound, and a young man for a blow;
εἶπεν δὲ λαμεχ ταῖς ἑαυτοῦ γυναῖκιν ἀδα καὶ σελλα ἀκούσατέ μου τῆς φωνῆς γυναῖκες λαμεχ ἐνωτίσασθέ μου τοὺς λόγους ὅτι ἄνδρα ἀπέκτεινα εἰς τραῦμα ἔμοι καὶ νεανίσκον εἰς μῶλωπα ἔμοι
- 24 Si yon moun touye Kayen y'ap fè l' peye sa sèt fwa. Men, si yon moun touye m', mwen menm Lemèk, y'ap fè l' peye sa swasanndisèt fwa.
If seven lives are to be taken as punishment for Cain's death, seventy-seven will be taken for Lamech's.
ὅτι ἑπτὰκις ἐκδεδίκηται ἐκ καιν ἐκ δὲ λαμεχ ἑβδομηκοντάκις ἑπτὰ
- 25 ¶ Adan te kouche ak madanm li ankò. Madanm li fè yon ti gason. Madanm lan di: Bondye ban m' yon lòt gason pou ranplase Abèl Kayen te touye a. Li rele l' Sèt.
And Adam had connection with his wife again, and she gave birth to a son to whom she gave the name of Seth: for she said, God has given me another seed in place of Abel, whom Cain put to death.
ἔγνω δὲ ἀδαμ εὐαν τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν υἱὸν καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ σηθ λέγουσα ἐξανέστησεν γάρ μοι ὁ θεὸς σπέρμα ἕτερον ἀντὶ ἀβελ ὃν ἀπέκτεινεν καιν
- 26 Sèt, pou tèt pa l', vin gen yon pitit gason, li rele l' Enòk. Se lè sa a moun konmanse fè sèvis pou Seyè a.
And Seth had a son, and he gave him the name of Enosh: at this time men first made use of the name of the Lord in worship.
καὶ τῷ σηθ ἐγένετο υἱὸς ἐπωνόμασεν δὲ τὸ ὄνομα αὐτοῦ ενωσ οὗτος ἤλπισεν ἐπικαλεῖσθαι τὸ ὄνομα κυρίου τοῦ θεοῦ
- 1 ¶ Men lis non pitit pitit Adan yo: Lè Bondye kreye moun, li te fè yo pòtre avè l'.
This is the book of the generations of Adam. In the day when God made man, he made him in the image of God;
αὕτη ἡ βίβλος γενέσεως ἀνθρώπων ἢ ἡμέρα ἐποίησεν ὁ θεὸς τὸν ἀδαμ κατ' εἰκόνα θεοῦ ἐποίησεν αὐτόν
- 2 Li kreye yo gason ak fi. Li beni yo. Jou li kreye yo a, li rele yo moun.
Male and female he made them, naming them Man, and giving them his blessing on the day when they were made.
ἄρσεν καὶ θῆλυ ἐποίησεν αὐτούς καὶ εὐλόγησεν αὐτούς καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτῶν ἀδαμ ἢ ἡμέρα ἐποίησεν αὐτούς
- 3 Adan te gen santrantan (130 an) lè li vin gen yon pitit gason ki te sanble avè l' tèt koupe, li rele l' Sèt.
Adam had been living for a hundred and thirty years when he had a son like himself, after his image, and gave him the name of Seth:
ἔζησεν δὲ ἀδαμ διακόσια καὶ τριάκοντα ἔτη καὶ ἐγέννησεν κατὰ τὴν ἰδέαν αὐτοῦ καὶ κατὰ τὴν εἰκόνα αὐτοῦ καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ σηθ
- 4 Apre nesans Sèt, Adan viv witsanzan (800 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Seth, Adam went on living for eight hundred years, and had sons and daughters:
ἐγένοντο δὲ αἱ ἡμέραι ἀδαμ μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν σηθ ἑπτακόσια ἔτη καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας
- 5 Lè Adan mouri li te gen nèfsantrantan (930 an).
And all the years of Adam's life were nine hundred and thirty: and he came to his end.
καὶ ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι ἀδαμ ἃς ἔζησεν ἑννακόσια καὶ τριάκοντα ἔτη καὶ ἀπέθανεν
- 6 ¶ Sèt te gen sansenkan (105 an) lè li vin gen yon pitit gason yo te rele Enòk.
And Seth was a hundred and five years old when he became the father of Enosh:
ἔζησεν δὲ σηθ διακόσια καὶ πέντε ἔτη καὶ ἐγέννησεν τὸν ενωσ
- 7 Apre nesans Enòk, Sèt viv witsansetan (807 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And he went on living after the birth of Enosh for eight hundred and seven years, and had sons and daughters:
καὶ ἔζησεν σηθ μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν ενωσ ἑπτακόσια καὶ ἑπτὰ ἔτη καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας
- 8 Lè Sèt mouri, li te gen nèfsandouzan (912 an).
And all the years of Seth's life were nine hundred and twelve: and he came to his end.
καὶ ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι σηθ ἑννακόσια καὶ δώδεκα ἔτη καὶ ἀπέθανεν
- 9 Enòk te gen katrevendizan lè li vin gen yon pitit gason yo rele Kenan.
And Enosh was ninety years old when he became the father of Kenan:
καὶ ἔζησεν ενωσ ἑκατὸν ἐνενήκοντα ἔτη καὶ ἐγέννησεν τὸν καιναν
- 10 Apre nesans Kenan, Enòk viv witsankenzen (815 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Kenan, Enosh went on living for eight hundred and fifteen years, and had sons and daughters:
καὶ ἔζησεν ενωσ μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν καιναν ἑπτακόσια καὶ δέκα πέντε ἔτη καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας

- 11 Lè Enòk mouri, li te gen nèfsansenkan (905 an).
And all the years of Enosh were nine hundred and five: and he came to his end.
 και ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι ενως ἐννακόσια και πέντε ἔτη και ἀπέθανεν
- 12 Kenan te gen swasannndizan lè li vin gen yon pitit gason yo rele Malaleyèl.
And Kenan was seventy years old when he became the father of Mahalalel:
 και ἔζησεν καιναν ἑκατὸν ἐβδομήκοντα ἔτη και ἐγέννησεν τὸν μαλελεηλ
- 13 Apre nesans Malaleyèl, Kenan viv witsankarantan (840 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Mahalalel, Kenan went on living for eight hundred and forty years, and had sons and daughters:
 και ἔζησεν καιναν μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν μαλελεηλ ἑπτακόσια και τεσσαράκοντα ἔτη και ἐγέννησεν υἱοὺς και θυγατέρας
- 14 Lè Kenan mouri, li te gen nèfsandizan (910 an).
And all the years of Kenan's life were nine hundred and ten; and he came to his end.
 και ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι καιναν ἐννακόσια και δέκα ἔτη και ἀπέθανεν
- 15 Malaleyèl te gen swasannsenkan lè li vin gen yon pitit gason yo rele Jerèd.
And Mahalalel was sixty-five years old when he became the father of Jared:
 και ἔζησεν μαλελεηλ ἑκατὸν και ἐξήκοντα πέντε ἔτη και ἐγέννησεν τὸν ιαρεδ
- 16 Apre nesans Jerèd, Malaleyèl viv witsantrantan (830 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Jared, Mahalalel went on living for eight hundred and thirty years, and had sons and daughters:
 και ἔζησεν μαλελεηλ μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν ιαρεδ ἑπτακόσια και τριάκοντα ἔτη και ἐγέννησεν υἱοὺς και θυγατέρας
- 17 Lè Malaleyèl mouri, li te gen witsankatrevenkenzan (895 an).
And all the years of Mahalalel's life were eight hundred and ninety-five: and he came to his end.
 και ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι μαλελεηλ ὀκτακόσια και ἐνενήκοντα πέντε ἔτη και ἀπέθανεν
- 18 Jerèd te gen sanswanndezean (162 an) lè li vin gen yon pitit gason yo rele Enòk.
And Jared was a hundred and sixty-two years old when he became the father of Enoch:
 και ἔζησεν ιαρεδ ἑκατὸν και ἐξήκοντα δύο ἔτη και ἐγέννησεν τὸν ενωχ
- 19 Apre nesans Enòk, Jerèd viv witsanzan (800 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And Jared went on living after the birth of Enoch for eight hundred years, and had sons and daughters:
 και ἔζησεν ιαρεδ μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν ενωχ ὀκτακόσια ἔτη και ἐγέννησεν υἱοὺς και θυγατέρας
- 20 Lè Jerèd mouri, li te gen nèfsanswasannndezean (962 an).
And all the years of Jared's life were nine hundred and sixty-two: and he came to his end.
 και ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι ιαρεδ ἐννακόσια και ἐξήκοντα δύο ἔτη και ἀπέθανεν
- 21 ¶ Enòk te gen swasannsenkan lè li vin gen yon pitit gason yo rele Metouchela.
And Enoch was sixty-five years old when he became the father of Methuselah:
 και ἔζησεν ενωχ ἑκατὸν και ἐξήκοντα πέντε ἔτη και ἐγέννησεν τὸν μαθουσαλα
- 22 Apre nesans Metouchela, Enòk te mache byen ak Bondye pandan twasanzan (300 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Methuselah, Enoch went on in God's ways for three hundred years, and had sons and daughters:
 εὐηρέστησεν δὲ ενωχ τῷ θεῷ μετὰ τὸ γεννηῖσαι αὐτὸν τὸν μαθουσαλα διακόσια ἔτη και ἐγέννησεν υἱοὺς και θυγατέρας
- 23 -
And all the years of Enoch's life were three hundred and sixty-five:
 και ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι ενωχ τριακόσια ἐξήκοντα πέντε ἔτη
- 24 Enòk te pase tout vi l' ap mache byen ak Bondye. Li te gen twasanswasannsenkan (365 an) lè l' disparèt, paske Bondye te pran l' avè l'.
And Enoch went on in God's ways: and he was not seen again, for God took him.
 και εὐηρέστησεν ενωχ τῷ θεῷ και οὐχ ἠρίσκειτο ὅτι μετέθηκεν αὐτὸν ὁ θεός

- 25 ¶ Metouchela te gen sankatrevensètan (187 an) lè li vin gen yon pitit gason yo rele Lemèk.
And Methuselah was a hundred and eighty-seven years old when he became the father of Lamech:
καὶ ἔζησεν μαθουσαλα ἑκατὸν καὶ ἐξήκοντα ἑπτὰ ἔτη καὶ ἐγέννησεν τὸν λαμεχ
- 26 Apre nesans Lemèk, Metouchela viv sètsankatrevendezan (782 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Lamech, Methuselah went on living for seven hundred and eighty-two years, and had sons and daughters:
καὶ ἔζησεν μαθουσαλα μετὰ τὸ γεννηῆσαι αὐτὸν τὸν λαμεχ ὀκτακόσια δύο ἔτη καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας
- 27 Lè Metouchela mouri, li te gen nèfsanswantnevan (969 an).
And all the years of Methuselah's life were nine hundred and sixty-nine: and he came to his end.
καὶ ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι μαθουσαλα ὡς ἔζησεν ἑννακόσια καὶ ἐξήκοντα ἑννέα ἔτη καὶ ἀπέθανεν
- 28 ¶ Lemèk te gen sankatrevendezan (182 an) lè li vin gen yon pitit gason.
And Lamech was a hundred and eighty-two years old when he had a son:
καὶ ἔζησεν λαμεχ ἑκατὸν ὀγδοήκοντα ὀκτὼ ἔτη καὶ ἐγέννησεν υἱὸν
- 29 Li rele l' Noe. Li di konsa: Pitit sa a va soulaje nou anba tout travay di n'ap fè, anba gwo travay nou blije fè avèk men nou paske Seyè a te madichonnen tè a.
And he gave him the name of Noah, saying, Truly, he will give us rest from our trouble and the hard work of our hands, because of the earth which was cursed by God.
καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ νοε λέγων οὗτος διαναπαύσει ἡμᾶς ἀπὸ τῶν ἔργων ἡμῶν καὶ ἀπὸ τῶν λυπῶν τῶν χειρῶν ἡμῶν καὶ ἀπὸ τῆς γῆς ἧς κατηράσατο κύριος ὁ θεός
- 30 Apre nesans Noe, Lemèk viv senksankatrevenkenzan (595 an). Li te vin gen anpil lòt pitit gason ak pitit fi.
And after the birth of Noah, Lamech went on living for five hundred and ninety-five years, and had sons and daughters:
καὶ ἔζησεν λαμεχ μετὰ τὸ γεννηῆσαι αὐτὸν τὸν νοε πεντακόσια καὶ ἐξήκοντα πέντε ἔτη καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας
- 31 Lè Lemèk mouri, li te gen sètsanswasanndisètan (777 an).
And all the years of Lamech's life were seven hundred and seventy-seven: and he came to his end.
καὶ ἐγένοντο πᾶσαι αἱ ἡμέραι λαμεχ ἑπτακόσια καὶ πενήκοντα τρία ἔτη καὶ ἀπέθανεν
- 32 Noe te gen senksanzan (500 an) lè li vin gen twa pitit gason: Sèm, Kam ak Jafè.
And when Noah was five hundred years old, he became the father of Shem, Ham, and Japheth.
καὶ ἦν νοε ἑτῶν πεντακοσίων καὶ ἐγέννησεν νοε τρεῖς υἱοὺς τὸν σημ τὸν χαμ τὸν ιαφεθ
- 1 ¶ Lè sa a, moun te konmanse ap fè anpil anpil pitit sou latè. Yo te vin gen anpil pitit fi.
And after a time, when men were increasing on the earth, and had daughters,
καὶ ἐγένετο ἡνίκα ἤρξαντο οἱ ἄνθρωποι πολλοὶ γίνεσθαι ἐπὶ τῆς γῆς καὶ θυγατέρες ἐγενήθησαν αὐτοῖς
- 2 Pitit gason Bondye yo te wè jan pitit fi lèzòm yo te bèl. Se konsa, nan fi yo te renmen yo, yo pran ladan yo pou madanm yo.
The sons of God saw that the daughters of men were fair; and they took wives for themselves from those who were pleasing to them.
ιδόντες δὲ οἱ υἱοὶ τοῦ θεοῦ τὰς θυγατέρας τῶν ἀνθρώπων ὅτι καλαὶ εἰσιν ἔλαβον ἑαυτοῖς γυναῖκας ἀπὸ πασῶν ὧν ἐξελέξαντο
- 3 ¶ Lè Seyè a wè sa, li di: Mwen p'ap kite lèzòm viv pou tout tan, paske se moun ase yo ye. Se sanventan (120 an) sèlman pou yo viv.
- 27 ¶ Men pitit ak pitit pitit Terak yo: Terak te papa Abram, Nakò ak Aran. Aran te papa Lòt.
These are the generations of Terah: Terah was the father of Abram, Nahor, and Haran; and Haran was the father of Lot.
αὗται δὲ αἱ γενεαί θαρα θαρα ἐγέννησεν τὸν αβραμ καὶ τὸν ναχωρ καὶ τὸν αρραν καὶ αρραν ἐγέννησεν τὸν λωτ
- 28 Aran mouri anvan papa l'. Li mouri lavil Our nan peyi Kalde kote l' te fèt la.
And death came to Haran when he was with his father Terah in the land of his birth, Ur of the Chaldees.
καὶ ἀπέθανεν αρραν ἐνώπιον θαρα τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐν τῇ γῆ ἣ ἐγενήθη ἐν τῇ χώρᾳ τῶν χαλδαίων
- 29 Abram ak Nakò te fè pozisyon. Abram marye ak Sarayi, Nakò marye ak Milka, pitit fi Aran. Aran te gen yon lòt pitit ankò yo te rele Jiska.
And Abram and Nahor took wives for themselves: the name of Abram's wife was Sarai, and the name of Nahor's wife was Milcah, the daughter of Haran, the father of Milcah and Iscah.
καὶ ἔλαβον αβραμ καὶ ναχωρ ἑαυτοῖς γυναῖκας ὄνομα τῇ γυναικὶ αβραμ σαρα καὶ ὄνομα τῇ γυναικὶ ναχωρ μελχα θυγάτηρ αρραν πατήρ μελχα καὶ πατήρ ιεσχα
- 30 Sarayi pa t' gen pitit, li pa t' ka fè pitit.
And Sarai had no child.
καὶ ἦν σαρα στειρα καὶ οὐκ ἐτεκνοποιεῖ
- 31 Terak pran pitit li, Abram, pitit pitit li, Lòt, ki te pitit Aran, ansanm ak bèlfi li Sarayi ki te madanm Abram, pitit li. Li pati ak yo, li kite lavil Our nan peyi Kalde pou li ale nan peyi Kanaran. Men lè yo rive lavil Karan, yo te rete la.
And Terah took Abram, his son, and Lot, the son of Haran, and Sarai, his daughter-in-law, the wife of his son Abram and they went out from Ur of the Chaldees, to go to the land of Canaan; and they came to Haran, and were there for some time.
καὶ ἔλαβεν θαρα τὸν αβραμ υἱὸν αὐτοῦ καὶ τὸν λωτ υἱὸν αρραν υἱὸν τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ καὶ τὴν σαραν τὴν νόμφην αὐτοῦ γυναῖκα αβραμ τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ καὶ ἐξήγαγεν αὐτοὺς ἐκ τῆς χώρας τῶν χαλδαίων πορευθῆναι εἰς τὴν γῆν χanaan καὶ ἦλθεν ἕως χαρραν καὶ κατόκησεν ἐκεῖ
- 32 Se la Terak mouri. Li te gen desansenkan (205 an).
And all the years of Terah's life were two hundred and five: and Terah came to his end in Haran.
καὶ ἐγένοντο αἱ ἡμέραι θαρα ἐν χαρραν διακόσια πέντε ἑτη καὶ ἀπέθανεν θαρα ἐν χαρραν
- 1 ¶ Seyè a di Abram konsa. Pati, kite peyi ou la. Kite tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi m'a moutre ou la.
Now the Lord said to Abram, Go out from your country and from your family and from your father's house, into the land to which I will be your guide:
καὶ εἶπεν κύριος τῷ αβραμ ἔξελθε ἐκ τῆς γῆς σου καὶ ἐκ τῆς συγγενείας σου καὶ ἐκ τοῦ οἴκου τοῦ πατρὸς σου εἰς τὴν γῆν ἣν ἄν σοι δεῖξω
- 2 M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen yon gwo nasyon. m'a beni ou. Y'a nonmen non ou toupatou; w'a sèvi yon benediksyon pou tout moun.
And I will make of you a great nation, blessing you and making your name great; and you will be a blessing:
καὶ ποιήσω σε εἰς ἔθνος μέγα καὶ εὐλογήσω σε καὶ μεγαλυνῶ τὸ ὄνομά σου καὶ ἔσῃ εὐλογητός
- 3 M'ap voye benediksyon mwen sou tout moun ki va mande benediksyon pou ou. Men, m'ap madichonnen tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon.
To them who are good to you will I give blessing, and on him who does you wrong will I put my curse: and you will become a name of blessing to all the families of the earth.
καὶ εὐλογήσω τοὺς εὐλογοῦντάς σε καὶ τοὺς καταρωμένους σε καταράσομαι καὶ ἐνευλογηθήσονται ἐν σοὶ πᾶσαι αἱ φυλαὶ τῆς γῆς

- 4 ¶ Abram pati jan Seyè a te di l' la. Lòt pati ansanm avè l' tou. Abram te gen swasannkenzan lè li kite Karan.
So Abram went as the Lord had said to him, and Lot went with him: Abram was seventy-five years old when he went away from Haran.
καὶ ἐπορεύθη αβραμ καθάπερ ἐλάλησεν αὐτῷ κύριος καὶ ὄχρετο μετ' αὐτοῦ λωτ αβραμ δὲ ἦν ἐτῶν ἑβδομήκοντα πέντε ὅτε ἐξῆλθεν ἐκ χαρραν
- 5 Abram pran Sarayi, madanm li, Lòt, pitit frè li a, ansanm ak tout byen li te genyen ak tout domestik li te gen avè l' nan lavil Karan, yo tout yo pati pou Kanaran. Yo rive nan peyi a.
And Abram took Sarai, his wife, and Lot, his brother's son, and all their goods and the servants which they had got in Haran, and they went out to go to the land of Canaan.
καὶ ἔλαβεν αβραμ τὴν σαραν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ τὸν λωτ υἱὸν τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ καὶ πάντα τὰ ὑπάρχοντα αὐτῶν ὅσα ἐκτήσαντο καὶ πᾶσαν ψυχὴν ἣν ἐκτήσαντο ἐν χαρραν καὶ ἐξῆλθοσαν πορευθῆναι εἰς γῆν χανααν καὶ ἦλθον εἰς γῆν χανααν
- 6 ¶ Abram mache nan tout peyi a, jouk li rive kote yo rele Sichèm, bò pye bwadchenn More a. Lè sa a se moun Kanaran yo ki te rete nan peyi a.
And Abram went through the land till he came to Shechem, to the holy tree of Moreh. At that time, the Canaanites were still living in the land.
καὶ διώδευσεν αβραμ τὴν γῆν εἰς τὸ μῆκος αὐτῆς ἕως τοῦ τόπου συχεμ ἐπὶ τὴν δρυὸν τὴν ὑψηλὴν οἱ δὲ χαναανῖοι τότε κατόκουν τὴν γῆν
- 7 Abram fè yon vizyon, li wè Seyè a ki di l'. Men peyi m'ap bay pitit pitit ou yo a. Se la Abram bati yon lotèl pou Seyè a ki te parèt devan li nan vizyon an.
And the Lord came to Abram, and said, I will give all this land to your seed; then Abram made an altar there to the Lord who had let himself be seen by him.
καὶ ὤφθη κύριος τῷ αβραμ καὶ εἶπεν αὐτῷ τῷ σπέρματί σου δώσω τὴν γῆν ταύτην καὶ ὀκοδόμησεν ἐκεῖ αβραμ θυσιαστήριον κυρίῳ τῷ ὀφθέντι αὐτῷ
- 8 Apre sa, li pati ankò, li ale nan mòn ki toupre lavil Betèl, sou bò solèy leve. Li moute tant li la. Betèl te sou bò lanmè, Ayi te sou bò solèy leve. Abram bati yon lotèl pou Seyè a la tou, epi li fè sèvis pou li.
And moving on from there to the mountain on the east of Beth-el, he put up his tent, having Beth-el on the west and Ai on the east: and there he made an altar and gave worship to the name of the Lord.
καὶ ἀπέστη ἐκεῖθεν εἰς τὸ ὄρος κατ' ἀνατολὰς βαιθηλ καὶ ἔστησεν ἐκεῖ τὴν σκηνὴν αὐτοῦ βαιθηλ κατὰ θάλασσαν καὶ αγγαι κατ' ἀνατολὰς καὶ ὀκοδόμησεν ἐκεῖ θυσιαστήριον τῷ κυρίῳ καὶ ἐπεκαλέσατο ἐπὶ τῷ ὀνόματι κυρίου
- 9 Li vwayaje toujou, li desann nan direksyon sid, bout pou bout jouk li rive nan rejyon Negèn la.
And he went on, journeying still to the South.
καὶ ἀπῆρεν αβραμ καὶ πορευθεὶς ἐστρατοπέδευσεν ἐν τῇ ἐρήμῳ
- 10 ¶ Men, grangou tonbe sou peyi a, pa t' gen manje menm. Se poutèt sa Abram te desann nan peyi Lejip. Li rete la yon bon bout tan.
And because there was little food to be had in that land, he went down into Egypt.
καὶ ἐγένετο λιμὸς ἐπὶ τῆς γῆς καὶ κατέβη αβραμ εἰς αἴγυπτον παροικῆσαι ἐκεῖ ὅτι ἐνίσχυσεν ὁ λιμὸς ἐπὶ τῆς γῆς
- 11 Li te prèt pou antre nan peyi Lejip lè li di Sarayi, madanm li. Koute non. Ou se yon bèl fanm.
Now when he came near to Egypt, he said to Sarai, his wife, Truly, you are a fair woman and beautiful to the eye;
ἐγένετο δὲ ἡνῖκα ἤγγισεν αβραμ εἰσελθεῖν εἰς αἴγυπτον εἶπεν αβραμ σαρα τῇ γυναίκα αὐτοῦ γινώσκω ἐγὼ ὅτι γυνὴ εὐπρόσωπος εἶ
- 12 Lè gason nan peyi Lejip yo wè ou, yo pral di: Se madanm li wi! Epi y'a touye m' pou yo sa pran ou nan men m'.
And I am certain that when the men of Egypt see you, they will say, This is his wife: and they will put me to death and keep you.
ἔσται οὖν ὡς ἂν ἴδωσίν σε οἱ αἰγύπτιοι ἐροῦσιν ὅτι γυνὴ αὐτοῦ αὕτη καὶ ἀποκτενοῦσίν με σὲ δὲ περιποιήσονται
- 13 Tanpri, di yo se sè mwen ou ye pou yo pa touye m', pou yo ka aji byen avè m' poutèt ou.
Say, then, that you are my sister, and so it will be well with me because of you, and my life will be kept safe on your account.
εἶπὸν οὖν ὅτι ἀδελφὴ αὐτοῦ εἰμι ὅπως ἂν εὖ μοι γένηται διὰ σέ καὶ ζήσεται ἡ ψυχὴ μου ἕνεκεν σοῦ
- 14 ¶ Se konsa, rive Abram rive nan peyi Lejip, mesye yo gen tan wè jan Sarayi te yon bèl fanm.
And so it was that when Abram came into Egypt, the men of Egypt, looking on the woman, saw that she was fair.
ἐγένετο δὲ ἡνῖκα εἰσῆλθεν αβραμ εἰς αἴγυπτον ἰδόντες οἱ αἰγύπτιοι τὴν γυναῖκα ὅτι καλὴ ἦν σφόδρα
- 15 Kèk grannèg nan gouvènman an wè sa tou, y al di farawon an jan li te bèl. Epi yo mennen Sarayi nan palè a.
And Pharaoh's great men, having seen her, said words in praise of her to Pharaoh, and she was taken into Pharaoh's house.
καὶ εἶδον αὐτὴν οἱ ἄρχοντες φαραω καὶ ἐπήνεσαν αὐτὴν πρὸς φαραω καὶ εἰσήγαγον αὐτὴν εἰς τὸν οἶκον φαραω
- 16 Poutèt Sarayi, farawon an te aji byen ak Abram. Li ba li kantite mouton, kabrit, bèf, bourik, chamo, san konte esklav, fanm kou gason, pou sèvi l'.
And because of her, he was good to Abram, and he had sheep and oxen and asses, and men-servants and women-servants, and camels.
καὶ τῷ αβραμ εὖ ἐχρήσαντο δι' αὐτὴν καὶ ἐγένοντο αὐτῷ πρόβατα καὶ μόσχοι καὶ ὄνοι παῖδες καὶ παιδίσκαι ἡμίονοι καὶ κάμηλοι

- 17 Men, paske farawon an te pran Sarayi, madanm Abram, pou madanm li, Seyè a voye yon bann move maladi sou li ak sou moun ki te nan palè a.
And the Lord sent great troubles on Pharaoh's house because of Sarai, Abram's wife.
 και ητασεν ο θεος τον φαραω ετασμοις μεγαλοις και πονηροις και τον οικον αυτου περι σαρας της γυναικος αβραμ
- 18 Lè sa a, farawon an fè rele Abram, li di li. Kisa ou fè m' konsa? Poukisa ou pa t' di m' se madanm ou Sarayi ye?
Then Pharaoh sent for Abram, and said, What have you done to me? why did you not say that she was your wife?
 καλέσας δε φαραω τον αβραμ ειπεν τι τουτο εποιησας μοι οτι ουκ απηγγειλας μοι οτι γυνη σου εστιν
- 19 Poukisa ou te di m' se sè ou li ye? Mwen pa ta janm pran l' pou madanm mwen. Monchè, men madanm ou. Pran l', al fè wout ou.
Why did you say that she was your sister? so that I took her for my wife: now, take your wife and go on your way.
 ινα τι ειπας οτι αδελφη μου εστιν και ελαβον αυτην εμαυτω εις γυναικα και νυν ιδου η γυνη σου εναντιον σου λαβων αποτρεχε
- 20 Farawon an pase moun li yo lòd pou fè Abram pati kite peyi a, li menm ansanm ak madanm li avèk tout sa ki te pou li.
And Pharaoh gave orders to his men, and they sent him on his way, with his wife and all he had.
 και ενετειλαιο φαραω ανδρασιν περι αβραμ συμπροπεμψαι αυτον και την γυναικα αυτου και παντα οσα ην αυτω και λωτ μετ' αυτου
- 1 ¶ Abram kite peyi Lejip, li moute nan nò, li tounen nan rejyon Negèv la, ansanm ak madanm li avèk tout sa li genyen. Lòt, neve l' la, te avèk li tou.
And Abram went up out of Egypt with his wife and all he had, and Lot with him, and they came in to the South.
 ανεβη δε αβραμ εξ αιγυπτου αυτους και η γυνη αυτου και παντα τα αυτου και λωτ μετ' αυτου εις την ερημον
- 2 Abram te rich anpil, li te gen anpil mouton, anpil kabrit ak anpil bèf, li te gen anpil lajan ak anpil lò.
Now Abram had great wealth of cattle and silver and gold.
 αβραμ δε ην πλουσιος σφοδρα κτηνεσιν και αργυριω και χρυσιω
- 3 Li vwayaje toujou jouk li kite Negèv la dèyè. Bout pou bout li rive bò Betèl, kote li te moute tant li anvan an, ant lavil Betèl ak lavil Ayi.
And travelling on from the South, he came to Beth-el, to the place where his tent had been before, between Beth-el and Ai;
 και επορευθη οθεν ηλθεν εις την ερημον εως βαιθηλ εως του τοπου ου ην η σκηνη αυτου το προτερον ανα μεσον βαιθηλ και ανα μεσον αγγαι
- 4 Li tounen kote li te moute yon lotèl premye fwa a. Li fè sèvis pou Bondye ankò.
To the place where he had made his first altar, and there Abram gave worship to the name of the Lord.
 εις τον τοπον του θυσιαστηριου ου εποιησεν εκει την αρχην και επεκαλεσατο εκει αβραμ το ονομα κυριου
- 5 ¶ Lòt menm, neve ki t'ap vwayaje ansanm avèk Abram lan, te gen mouton ak bèf pa l' tou. Li te gen moun tout avèk li.
And Lot, who went with him, had flocks and herds and tents;
 και λωτ τω συμπορευομενω μετα αβραμ ην προβατα και βοες και σκηναι
- 6 Peyi a te vin twò piti pou yo de a rete ansanm, paske yo te gen twòp zannimo pou bay manje.
So that the land was not wide enough for the two of them: their property was so great that there was not room for them together.
 και ουκ εχωρει αυτους η γη κατοικειν αμα οτι ην τα υπαρχοντα αυτων πολλα και ουκ εδυναντο κατοικειν αμα
- 7 Se konsa, te vin gen yon kabouyay ant gadò mouton Abram yo ak gadò mouton Lòt yo. Lè sa a, se moun Kanaran yo ak moun Ferezi yo ki te rete nan peyi a.
And there was an argument between the keepers of Abram's cattle and the keepers of Lot's cattle: at that time the Canaanites and Perizzites were still living in the land.
 και εγενετο μαχη ανα μεσον των ποιμενων των κτηνων του αβραμ και ανα μεσον των ποιμενων των κτηνων του λωτ οι δε χαναναιοι και οι φερεζαιοι τότε κατφικουν την γην
- 8 Abram di Lòt konsa. Monchè, se fanmi nou ye. Pa gen rezon pou nou gen kont yonn ak lòt, ni pou gadò ou yo gen kont ak gadò pa m' yo.
Then Abram said to Lot, Let there be no argument between me and you, and between my herdmen and your herdmen, for we are brothers.
 ειπεν δε αβραμ τω λωτ μη εστω μαχη ανα μεσον εμου και σου και ανα μεσον των ποιμενων μου και ανα μεσον των ποιμενων σου οτι ανθρωποι αδελφοι ημεις εσμεν
- 9 Men tout peyi a devan nou! Ann separe. Si ou fè bò dwat, m'ap fè bò gòch. Si ou fè bò gòch, m'ap fè bò dwat.
Is not all the land before you? then let us go our separate ways: if you go to the left, I will go to the right; or if you take the right, I will go to the left.
 ουκ ιδου πασα η γη εναντιον σου εστιν διαχωρισθητι αρ' εμου ει συ εις αριστερα εγω εις δεξια ει δε συ εις δεξια εγω εις αριστερα

- 10 ¶ Lèt voye je l' toupatou, li gade plenn Jouden an byen gade. tout plenn lan, rive jouk Zoa, te wouze nèt ale. Jaden yo te tankou jaden Seyè a, tankou nan peyi Lejip. (Lè sa a, Seyè a pa t' ankò disparèt lavil Sodòm ak Gomò.)
And Lot, lifting up his eyes and looking an the valley of Jordan, saw that it was well watered everywhere, before the Lord had sent destruction on Sodom and Gomorrah; it was like the garden of the Lord, like the land of Egypt, on the way to Zoar.
 και ἐπάρας λωτ τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτοῦ εἶδεν πᾶσαν τὴν περιχώρον τοῦ ἰορδάνου ὅτι πᾶσα ἦν ποτιζομένη πρὸ τοῦ καταστρέψαι τὸν θεὸν σοδομα καὶ γομορρα ὡς ὁ παράδεισος τοῦ θεοῦ καὶ ὡς ἡ γῆ αἰ γόπτου ἕως ἔλθειν εἰς ζογορα
- 11 Lèt chwazi plenn Jouden an pou li. Li pati nan direksyon solèy leve. Se konsa de mesye yo te separe.
So Lot took for himself all the valley of Jordan, and went to the east, and they were parted from one another.
 και ἐξελέξατο ἑαυτῷ λωτ πᾶσαν τὴν περιχώρον τοῦ ἰορδάνου καὶ ἀπῆρεν λωτ ἀπὸ ἀνατολῶν καὶ διεχωρίσθησαν ἕκαστος ἀπὸ τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ
- 12 Abram rete nan peyi Kanaran. Lèt menm al moute kay li nan mitan lavil yo ki te nan plenn lan. Li moute kay li bò lavil Sodòm.
Abram went on living in the land of Canaan, and Lot went to the lowland towns, moving his tent as far as Sodom.
 अबραμ δὲ κατόκησεν ἐν γῆ χανααν λωτ δὲ κατόκησεν ἐν πόλει τῶν περιχώρων καὶ ἐσκήνωσεν ἐν σοδομοις
- 13 Moun Sodòm yo te move moun anpil. Yo t'ap fè anpil peche kont Seyè a.
Now the men of Sodom were evil, and great sinners before the Lord.
 οἱ δὲ ἄνθρωποι οἱ ἐν σοδομοις πονηροὶ καὶ ἁμαρτωλοὶ ἐναντίον τοῦ θεοῦ σφόδρα
- 14 ¶ Lè Lèt fin ale, Seyè a di Abram konsa. Kanpe kote ou ye a, voye je ou toupatou, nan tout direksyon: nò, sid, lès, lwès,
And the Lord had said to Abram, after Lot was parted from him, From this place where you are take a look to the north and to the south, to the east and to the west:
 ὁ δὲ θεὸς εἶπεν τῷ अबραμ μετὰ τὸ διαχωρισθῆναι τὸν λωτ ἀπ' αὐτοῦ ἀναβλέψας τοῖς ὀφθαλμοῖς σου ἰδὲ ἀπὸ τοῦ τόπου οὗ νῦν σὺ εἶ πρὸς βορρᾶν καὶ λίβρα καὶ ἀνατολὰς καὶ θάλασσαν
- 15 paske mwen pral ba ou tout tè ou wè a pou ou ak pou pitit pitit ou yo pou tout tan.
For all the land which you see I will give to you and to your seed for ever.
 ὅτι πᾶσαν τὴν γῆν ἣν σὺ ὄρᾳς σοὶ δώσω αὐτήν καὶ τῷ σπέρματί σου ἕως τοῦ αἰῶνος
- 16 Mapral ba ou anpil pitit pitit. Si yon moun ka konte tout grenn pousyè ki sou latè, la rive konte pitit pitit ou yo tou.
And I will make your children like the dust of the earth, so that if the dust of the earth may be numbered, then will your children be numbered.
 και ποιήσω τὸ σπέρμα σου ὡς τὴν ἄμμιον τῆς γῆς εἰ δύνатаί τις ἐξαριθμηῆσαι τὴν ἄμμιον τῆς γῆς καὶ τὸ σπέρμα σου ἐξαριθμηθήσεται
- 17 Bon. Koulye a, ou mèt pwonmennen mache nan tout peyi a, paske se ou menm mwen pral bay li.
Come, go through all the land from one end to the other for I will give it to you.
 ἀναστὰς διόδουσον τὴν γῆν εἰς τε τὸ μῆκος αὐτῆς καὶ εἰς τὸ πλάτος ὅτι σοὶ δώσω αὐτήν
- 18 Se konsa, Abram ranmase tout zafè l', li vin rete bò pye bwadchenn Mamre yo, toupren Ebwon. Se la li bati yon lotèl pou Seyè a.
And Abram, moving his tent, came and made his living-place by the holy tree of Mamre, which is in Hebron, and made an altar there to the Lord.
 και ἀποσκηνώσας अबραμ ἐλθὼν κατόκησεν παρὰ τὴν δρῦν τὴν μαμβρη ἣ ἦν ἐν χεβρων καὶ ὠκοδόμησεν ἐκεῖ θυσιαστήριον κυριῷ
- 1 ¶ Lè sa a, Anmrafèl te wa Chenea, Ajòk te wa Elaza, Kedòlaòmè te wa Elam, Tideal te wa lòt nasyon yo.
Now in the days of Amraphel, king of Shinar, Arioch, king of Ellasar, Chedorlaomer, king of Elam, and Tidal, king of Goiim,
 ἐγένετο δὲ ἐν τῇ βασιλείᾳ τῆ ἀμαρφαλ βασιλέως σεννααρ αριωχ βασιλεὺς ελλασαρ καὶ χοδολλογομορ βασιλεὺς αϊλαμ καὶ θαργαλ βασιλεὺς ἐθνῶν
- 2 Yo kat yo leve, y al fè lagè ak senk lòt wa. Bera ki te wa Sodòm, Bicha ki te wa Gomò, Cheneab ki te wa Adma, Chemebè ki te wa zeboyim yo, ak wa peyi Bela a. Peyi sa a te rele Zoa tou.
They made war with Bera, king of Sodom, and with Birsha, king of Gomorrah, Shinab, king of Admah, and Shemeber, king of Zeboiim, and the king of Bela (which is Zoar).
 ἐποίησαν πόλεμον μετὰ βαλλα βασιλέως σοδομων καὶ μετὰ βαρσα βασιλέως γομορρας καὶ σεννααρ βασιλέως αδαμα καὶ συμβορ βασιλέως σεβουμ καὶ βασιλέως βαλακ αὕτη ἐστὶν σηγωρ
- 3 Senk wa sa yo mete tèt yo ansanm, yo reyini nan Fon Sidim lan kote lanmè Sèl la ye a.
All these came together in the valley of Siddim (which is the Salt Sea).
 πάντες οὗτοι συνεφώνησαν ἐπὶ τὴν φάραγγα τὴν ἀλυκὴν αὕτη ἡ θάλασσα τῶν ἀλῶν
- 4 Pandan douzan, senk wa sa yo te soumèt devan Kedòlaòmè. Lanne ki fè yo trèzan an, yo revòlte.
For twelve years they were under the rule of Chedorlaomer, but in the thirteenth year they put off his control.
 δώδεκα ἔτη ἐδούλευον τῷ χοδολλογομορ τῷ δὲ τρισκαιδεκάτῳ ἔτει ἀπέστησαν

- 5 Lanne apre sa, ki pou ta fè yo katòzan nan pozisyon sa a, Kedòlaòmè ansanm ak twa wa ki te mete tèt ansanm ak li yo vin rive. Yo bat refayim yo nan lavil Astawòt-Kanayim, yo bat zouzim yo nan lavil Am, yo bat emim yo nan laplenn Chave-Kiryatayim.
And in the fourteenth year, Chedorlaomer and the kings who were on his side, overcame the Rephaim in Ashteroth-karnaim, and the Zuzim in Ham, and the Emim in Shaveh-kiriathaim,
 ἐν δὲ τῷ τεσσαρεσκαίδεκάτῳ ἔτει ἦλθεν χοδολλογομορ καὶ οἱ βασιλεῖς οἱ μετ' αὐτοῦ καὶ κατέκοψαν τοὺς γίγαντας τοὺς ἐν ἀσταρωθ καρναῖν καὶ ἔθνη ἰσχυρὰ ἅμα αὐτοῖς καὶ τοὺς οἰκιστοὺς τοὺς ἐν σαυη τῆ πόλει
- 6 Yo bat orit yo sou mòn Seyi, jouk bò kote pye bwadchenn Paran an, ki toupre dezè a.
And the Horites in their mountain Seir, driving them as far as El-paran, which is near the waste land.
 καὶ τοὺς χορραῖους τοὺς ἐν τοῖς ὄρεσιν σηρ ἕως τῆς τερεμίνθου τῆς φαραν ἣ ἐστὶν ἐν τῆ ἐρήμῳ
- 7 Apre sa, yo kase tèt tounen, yo rive bò Sous jijman an, yo bat tout chèf moun Amelèk yo, yo pran tout bèt yo. Yo bat moun Amori yo tout ki rete Azazon-Tama, yo bat yo byen bat.
Then they came back to En-mishpat (which is Kadesh), making waste all the country of the Amalekites and of the Amorites living in Hazazon-tamar.
 καὶ ἀναστρέψαντες ἦλθσαν ἐπὶ τὴν πηγὴν τῆς κρίσεως αὕτη ἐστὶν καθὼς καὶ κατέκοψαν πάντας τοὺς ἄρχοντας ἀμαληκ καὶ τοὺς ἀμορραῖους τοὺς κατοικοῦντας ἐν ἀσασανθαμαρ
- 8 Lè sa a, wa Sodòm, wa Gomò, wa Adma, wa zeboyim ansanm ak wa Bela a, yo sot, yo pran pozisyon nan Fon Sidim lan pou yo goumen
And the king of Sodom with the king of Gomorrah and the king of Admah and the king of Zeboiim and the king of Bela (that is Zoar), went out, and put their forces in position in the valley of Siddim,
 ἐξῆλθεν δὲ βασιλεὺς σοδομων καὶ βασιλεὺς γομορρας καὶ βασιλεὺς ἀδαμα καὶ βασιλεὺς σεβωιμ καὶ βασιλεὺς βαλακ αὕτη ἐστὶν σηγορ καὶ παρετάξαντο αὐτοῖς εἰς πόλεμον ἐν τῆ κοιλάδι τῆ ἄλυκῆ
- 9 kont Kedòlaòmè, wa Elam, Tideal, wa lòt nasyon yo, Anmrafèl, wa Chenea ak Ajòch, wa Elaza. Sa te fè kat wa kont senk wa.
Against Chedorlaomer, king of Elam, and Tidal, king of Goiim, and Amraphel, king of Shinar, and Arioch, king of Ellasar: four kings against the five.
 πρὸς χοδολλογομορ βασιλέα αἰλαμ καὶ θαργαλ βασιλέα ἔθνων καὶ ἀμαρφαλ βασιλέα σενααρ καὶ ἀριοχ βασιλέα ἐλλασαρ οἱ τέσσαρες βασιλεῖς πρὸς τοὺς πέντε
- 10 Nan Fon Sidim lan te gen anpil twou byen fon ki te plen asfat. Pandan batay la, wa Sodòm ak wa Gomò yo pran kouri pou lènmi yo, yo te vle wete kò yo nan batay la, yo tonbe nan twou asfat yo.
 Lòt wa yo menm kouri al kache nan mòn.
Now the valley of Siddim was full of holes of sticky earth; and the kings of Sodom and Gomorrah were put to flight and came to their end there, but the rest got away to the mountain.
 ἡ δὲ κοιλάς ἡ ἄλυκῆ φρέατα φρέατα ἀσφάλτου ἔφυγεν δὲ βασιλεὺς σοδομων καὶ βασιλεὺς γομορρας καὶ ἐνέπεσαν ἐκεῖ οἱ δὲ καταλειφθέντες εἰς τὴν ὄρεινὴν ἔφυγον
- 11 Kat wa yo pran tout sa yo jwenn nan Sodòm ak Gomò, ata pwovizyon manje, epi y al fè wout yo.
And the four kings took all the goods and food from Sodom and Gomorrah and went on their way.
 ἔλαβον δὲ τὴν ἵππον πᾶσαν τὴν σοδομων καὶ γομορρας καὶ πάντα τὰ βρώματα αὐτῶν καὶ ἀπῆλθον
- 12 Yo pase men yo yo pran Lòt, pitit frè Abram lan, ansanm ak tout byen l' yo, paske se Sodòm Lòt te rete.
And in addition they took Lot, Abram's brother's son, who was living in Sodom, and all his goods.
 ἔλαβον δὲ καὶ τὸν λωτ υἱὸν τοῦ ἀδελφοῦ ἀβραμ καὶ τὴν ἀποσκευὴν αὐτοῦ καὶ ἀπόχοντο ἦν γὰρ κατοικῶν ἐν σοδομοῖς
- 13 ¶ Men, yonn nan mesye ki te chape nan batay la vin di Abram sa. Lè sa a, Abram te rete toupre pye bwadchenn Mamre a. Mamre sa a, se te yon moun Amori. Se te frè Echkol ak Ane. tout de mesye sa yo te pase kontra avèk Abram.
And one who had got away from the fight came and gave word of it to Abram the Hebrew, who was living by the holy tree of Mamre, the Amorite, the brother of Eshcol and Aner, who were friends of Abram.
 παραγενόμενος δὲ τῶν ἀνασωθέντων τις ἀπήγγειλεν ἀβραμ τῷ περάτῃ αὐτὸς δὲ κατόκει πρὸς τῆ δρυὶ τῆ μαμβρη ὁ ἀμορις τοῦ ἀδελφοῦ εσχολ καὶ ἀδελφοῦ ἀναν οἱ ἦσαν συνωμόται τοῦ ἀβραμ
- 14 Lè Abram vin konnen yo te fè neve l' la prizonye, li sanble tout domestik ki te fèt lakay li yo epi ki te konn goumen. Li pran twasandizwit (318) antou. Epi li file dèyè wa yo jouk lavil Dann.
And Abram, hearing that his brother's son had been made a prisoner, took a band of his trained men, three hundred and eighteen of them, sons of his house, and went after them as far as Dan.
 ἀκούσας δὲ ἀβραμ ὅτι ἠχμαλώτεται λωτ ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ ἠρίθμησεν τοὺς ἰδίους οἰκογενεῖς αὐτοῦ τριακοσίους δέκα καὶ ὀκτώ καὶ κατεδίωξεν ὀπίσω αὐτῶν ἕως δαν
- 15 La, yon jou lannwit, li separe mesye li yo, li fè yo fè de gwoup, epi li atake lènmi yo. Li bat yo byen bat, li kouri dèyè yo jouk yo rive Oba, ki sou bò nò lavil Damas.
And separating his forces by night, he overcame them, putting them to flight and going after them as far as Hobah, which is on the north side of Damascus.
 καὶ ἐπέπεσεν ἐπ' αὐτοὺς τὴν νύκτα αὐτὸς καὶ οἱ παῖδες αὐτοῦ καὶ ἐπάταξεν αὐτοὺς καὶ ἐδίωξεν αὐτοὺς ἕως χοβα ἣ ἐστὶν ἐν ἀριστερᾷ δαμασκοῦ
- 16 Li reprann tout byen yo te pran yo, li mennen Lòt, neve li a, tounen lakay li ansanm ak tout byen l' yo, tout medam yo ak tout pèp la.
And he got back all the goods, and Lot, his brother's son, with his goods and the women and the people.
 καὶ ἀπέστρεψεν πᾶσαν τὴν ἵππον σοδομων καὶ λωτ τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ ἀπέστρεψεν καὶ τὰ ὑπάρχοντα αὐτοῦ καὶ τὰς γυναῖκας καὶ τὸν λαόν

- 17 ¶ Apre Abram te fin kraze Kedòlaòmè ansanm ak tout lòt wa ki te fè tèt ansanm ak Kedòlaòmè yo, li t'ap tounen lakay li. Wa Sodòm lan vin rankontre l' nan Fon Chave a ki rele Fon Wa a tou.
And when he was coming back after putting to flight Chedorlaomer and the other kings, he had a meeting with the king of Sodom in the valley of Shaveh, that is, the King's Valley.
 ἐξῆλθεν δὲ βασιλεὺς σοδομῶν εἰς συνάντησιν αὐτῷ μετὰ τὸ ἀναστρέψαι αὐτὸν ἀπὸ τῆς κοπῆς τοῦ χοδολλογομορ καὶ τῶν βασιλέων τῶν μετ' αὐτοῦ εἰς τὴν κοιλάδα τὴν σαυη τοῦτο ἦν τὸ πεδίον βασιλέως
- 18 Mèlkisedèk menm ki te wa peyi Salèm fè pote pen ak diven vini. Se yon prèt ki t'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la li te ye.
And Melchizedek, king of Salem, the priest of the Most High God, took bread and wine,
 καὶ μελχισεδεκ βασιλεὺς σαλημ ἐξήνεγκεν ἄρτους καὶ οἶνον ἦν δὲ ἱερεὺς τοῦ θεοῦ τοῦ ὑψίστου
- 19 Li beni Abram, li di. Se pou Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl la ak latè a, beni Abram.
And blessing him, said, May the blessing of the Most High God, maker of heaven and earth, be on Abram:
 καὶ ἠλόγησεν τὸν αβραμ καὶ εἶπεν εὐλογημένος αβραμ τῷ θεῷ τῷ ὑψίστῳ ὃς ἔκτισεν τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 20 Lwanj pou Bondye ki anwo nan syèl la. Se li menm ki te lage lènmi ou yo nan men ou. Apre sa, Abram ba li yon dizyèm nan tout sa li te pran.
And let the Most High God be praised, who has given into your hands those who were against you. Then Abram gave him a tenth of all the goods he had taken.
 καὶ εὐλογητὸς ὁ θεὸς ὁ ὑψίστος ὃς παρέδωκεν τοὺς ἐχθρούς σου ὑποχειρίους σοι καὶ ἔδωκεν αὐτῷ δεκάτην ἀπὸ πάντων
- 21 ¶ Lèfini, wa Sodòm lan di Abram. Ou mèt gade tout byen yo pou ou. Men ban mwen moun yo sèlman.
And the king of Sodom said to Abram, Give me the prisoners and take the goods for yourself.
 εἶπεν δὲ βασιλεὺς σοδομῶν πρὸς αβραμ δός μοι τοὺς ἀνδρας τὴν δὲ ἵππον λαβὲ σεαυτῷ
- 22 Abram reponn wa Sodòm lan, li di l'. Mwen fè sèman devan Seyè a, Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl la ak latè a,
But Abram said to the king of Sodom, I have taken an oath to the Lord, the Most High God, maker of heaven and earth,
 εἶπεν δὲ αβραμ πρὸς βασιλέα σοδομῶν ἐκτενω τὴν χειρά μου πρὸς τὸν θεὸν τὸν ὑψίστον ὃς ἔκτισεν τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 23 mwen p'ap pran anyen nan sa ki pou ou, li te mèt yon ti moso fil, yon kòd sapat. Konsa, ou p'ap janm ka di se ou menm ki fè Abram rich.
That I will not take so much as a thread or the cord of a shoe of yours; so that you may not say, I have given wealth to Abram:
 εἰ ἀπὸ σπαρτίου ἕως σφαιρωτῆρος ὑποδήματος λήμψομαι ἀπὸ πάντων τῶν σῶν ἵνα μὴ εἴπῃς ὅτι ἐγὼ ἐπλούτισα τὸν αβραμ
- 24 Mwen pa bezwen anyen pou tèt pa m'. Men, m'ap asepte sa moun mwen yo te manje, ansanm ak pòsyon ki pou moun ki te mache avè m' yo. Wi, se pou Ane, Echkòl ak Mamre pran sa ki vin pou yo a.
Give me nothing but the food which the fighting-men who went with me have had; but let Aner and Eshcol and Mamre have their part of the goods.
 πλὴν ὧν ἔφαγον οἱ νεανίσκοι καὶ τῆς μερίδος τῶν ἀνδρῶν τῶν συμπορευθέντων μετ' ἐμοῦ εσχωλ αυναν μαμρη οὔτοι λήμψονται μερίδα
- 1 ¶ Apre bagay sa yo, Abram fè yon vizyon. Li wè Seyè a ki t'ap pale avè l'. Seyè a di l' konsa. Abram, ou pa bezwen pè anyen. Se mwen menm k'ap pwoteje ou. M' sere yon gwo gwo rekonpans pou ou.
After these things, the word of the Lord came to Abram in a vision, saying, Have no fear, Abram: I will keep you safe, and great will be your reward.
 μετὰ δὲ τὰ ῥήματα ταῦτα ἐγενήθη ῥῆμα κυρίου πρὸς αβραμ ἐν ὁράματι λέγων μὴ φοβοῦ αβραμ ἐγὼ ὑπερασπίζω σου ὁ μισθός σου πολὺς ἔσται σφόδρα
- 2 ¶ Abram di. Seyè, Bondye, kisa ou vle ban mwen? Mwen tout fin mouri, mwen pa gen pitit. Sèl moun lakay mwen ki pral eritye m', se Elyezè, moun peyi Damas la.
And Abram said, What will you give me? for I have no child and this Eliezer of Damascus will have all my wealth after me.
 λέγει δὲ αβραμ δέσποτα τί μοι δώσεις ἐγὼ δὲ ἀπολύομαι ἄτεκνος ὁ δὲ υἱὸς μασεκ τῆς οἰκογενοῦς μου οὔτος δαμασκὸς ελιεζερ
- 3 Abram di ankò. Gade! Ou pa ban m' pitit. Se yonn nan domestik mwen yo ki pral eritye m'.
And Abram said, You have given me no child, and a servant in my house will get the heritage.
 καὶ εἶπεν αβραμ ἐπειδὴ ἐμοὶ οὐκ ἔδωκας σπέρμα ὁ δὲ οἰκογενής μου κληρονομήσει με
- 4 Lè sa a, li tandè Seyè a ki di l' konsa. Non, se pa li menm ki pral eritye ou. Se pwòp pitit zantray ou ki pral eritye ou.
Then said the Lord, This man will not get the heritage, but a son of your body will have your property after you.
 καὶ εὐθὺς φωνὴ κυρίου ἐγένετο πρὸς αὐτὸν λέγων οὐ κληρονομήσει σε οὔτος ἀλλ' ὃς ἐξελεύσεται ἐκ σοῦ οὔτος κληρονομήσει σε
- 5 Seyè a fè Abram soti deyò, li di l' konsa Leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la.
And he took him out into the open air, and said to him, Let your eyes be lifted to heaven, and see if the stars may be numbered; even so will your seed be.
 ἐξήγαγεν δὲ αὐτὸν ἔξω καὶ εἶπεν αὐτῷ ἀνάβλεπον διὴ εἰς τὸν οὐρανὸν καὶ ἀρίθμησον τοὺς ἀστέρας εἰ δυνήσῃ ἐξαριθμῆσαι αὐτούς καὶ εἶπεν οὔτως ἔσται τὸ σπέρμα σου

- 6 Abram mete konfyans li nan Seyè a, se konsa Seyè a fè l' gras.
And he had faith in the Lord, and it was put to his account as righteousness.
 και ἐπίστευσεν αβραμ τῷ θεῷ και ἐλογίσθη αὐτῷ εἰς δικαιοσύνην
- 7 ¶ Seyè a di. Se mwen menm, Seyè a, ki te fè ou soti lavil Our nan peyi Kalde a, pou m' te ka ba ou peyi sa a pou ou.
And he said to him, I am the Lord, who took you from Ur of the Chaldees, to give you this land for your heritage.
 εἶπεν δὲ πρὸς αὐτόν ἐγὼ ὁ θεὸς ὁ ἐξαγαγὼν σε ἐκ γῶρας χαλδαίων ὥστε δοῦναί σοι τὴν γῆν ταύτην κληρονομήσαι
- 8 Abram di. Seyè, Bondye, kijan pou m' fè konnen peyi sa a pou mwen vre?
And he said, O Lord God, how may I be certain that it will be mine?
 εἶπεν δὲ δέσποτα κύριε κατὰ τί γνώσομαι ὅτι κληρονομήσω αὐτήν
- 9 Seyè a di l'. Pran yon ti gazèl bèf twazan, yon femmèl kabrit twazan, yon belye twazan, yon toutrèl ak yon jenn pijon.
And he said, Take a young cow of three years old, and a she-goat of three years old, and a sheep of three years old, and a dove and a young pigeon.
 εἶπεν δὲ αὐτῷ λαβέ μοι δάμαλιν τριετίζουσαν και αἶγα τριετίζουσαν και κριὸν τριετίζοντα και τρυγόνα και περιστεράν
- 10 Abram al pran tout bèt sa yo, li koupe yo mitan pou mitan, li mete moso yo yonn anfas lòt. Men, li pa koupe zwazo yo an de.
All these he took, cutting them in two and putting one half opposite the other, but not cutting the birds in two.
 ἔλαβεν δὲ αὐτῷ πάντα ταῦτα και διεἴλεν αὐτὰ μέσα και ἔθηκεν αὐτὰ ἀντιπρόσωπα ἀλλήλοις τὰ δὲ ὄρνεα οὐ διεἴλεν
- 11 Chak fwa malfini karanklou vin pou desann sou vyann bèt yo, Abram pouse yo ale.
And evil birds came down on the bodies, but Abram sent them away.
 κατέβη δὲ ὄρνεα ἐπὶ τὰ σώματα τὰ διχοτομήματα αὐτῶν και συνεκάθισεν αὐτοῖς αβραμ
- 12 ¶ Solèy tapral kouche lè dòmi vòlè Abram. Li dòmi nèt ale. Epi yon sèl lapèz pran l' nan dòmi an. Kote l' te ye a vin fè tout nwa.
Now when the sun was going down, a deep sleep came on Abram, and a dark cloud of fear.
 περὶ δὲ ἡλίου δυσμῶς ἔκστασις ἐπέπεσεν τῷ αβραμ και ἰδοὺ φόβος σκοτεινὸς μέγας ἐπιπίπτει αὐτῷ
- 13 Seyè a di l'. Konnen sa byen: Pitit pitit ou yo pral viv tankou etranje nan yon peyi ki pa pou yo. Y'ap fè yo tounen esklav, y'ap peze yo pandan katsanzan (400 an).
And he said to Abram, Truly, your seed will be living in a land which is not theirs, as servants to a people who will be cruel to them for four hundred years;
 και ἐρρέθη πρὸς αβραμ γινώσκων γνώση ὅτι πάροικον ἔσται τὸ σπέρμα σου ἐν γῆ οὐκ ἰδίᾳ και δουλώσουσιν αὐτοὺς και κακώσουσιν αὐτοὺς και ταπεινώσουσιν αὐτοὺς τετρακόσια ἔτη
- 14 Men, apre sa, m'ap pini nasyon ki va pran yo fè esklav la. Konsa, lè lè a va rive pou yo kite peyi sa a, y'a soti avèk anpil anpil richès.
But I will be the judge of that nation whose servants they are, and they will come out from among them with great wealth.
 τὸ δὲ ἔθνος ᾧ ἐὰν δουλεύουσιν κρινῶ ἐγὼ μετὰ δὲ ταῦτα ἐξελεύσονται ὧδε μετὰ ἀποσκευῆς πολλῆς
- 15 Kanta ou menm, ou pral mouri ak kè poze, ou pral jwenn zansèt ou yo ki mouri deja. Wi, anvan ou antre anba tè, wa viv lontan san ankenn pwoblèm.
As for you, you will go to your fathers in peace; at the end of a long life you will be put in your last resting-place.
 σὺ δὲ ἀπελεύση πρὸς τοὺς πατέρας σου μετ' εἰρήνης ταφείς ἐν γῆρει καλῷ
- 16 Apre kat jenerasyon, pitit pitit ou yo va tounen isit la, paske se pou nou tann moun Amori yo rive nan dènye bout mechanste yo.
And in the fourth generation they will come back here; for at present the sin of the Amorite is not full.
 τετάρτη δὲ γενεὰ ἀποστραφήσονται ὧδε οὕτω γὰρ ἀναπεπλήρωται αἱ ἁμαρτίαι τῶν αμορραίων ἕως τοῦ νῦν
- 17 ¶ Apre solèy fin kouche, te fè nwa anpil. Epi men li, yon rechò ki t'ap fè lafimen ansanm ak yon gwò bwa dife tout limen parèt. Yo pase nan mitan moso vyann bèt yo.
Then when the sun went down and it was dark, he saw a smoking fire and a flaming light which went between the parts of the bodies.
 ἐπει δὲ ἐγένετο ὁ ἥλιος πρὸς δυσμῶς φλόξ ἐγένετο και ἰδοὺ κλίβανος καπνιζόμενος και λαμπάδες πυρός αἱ διήλθον ἀνὰ μέσον τῶν διχοτομημάτων τούτων
- 18 Se jou sa a Seyè a te pase kontra avèk Abram. Li di l' konsa M'ap bay pitit pitit ou yo tout peyi sa a, depi larivyè Lejip, rive jouk larivyè Lefrat la.
In that day the Lord made an agreement with Abram, and said, To your seed have I given this land from the river of Egypt to the great river, the river Euphrates:
 ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ διέθετο κύριος τῷ αβραμ διαθήκην λέγων τῷ σπέρματί σου δώσω τὴν γῆν ταύτην ἀπὸ τοῦ ποταμοῦ αἰγύπτου ἕως τοῦ ποταμοῦ τοῦ μεγάλου ποταμοῦ εὐφράτου
- 19 Sa vle di tout peyi kote moun Keni yo, moun Kenizi yo, moun Kadmon yo,
The Kenite, the Kenizzite, and the Kadmonite,
 τοὺς καιναίους και τοὺς κενεζαίους και τοὺς κεδμωναίους

- 20 moun Et yo, moun Ferezi yo, moun refayim yo,
And the Hittite, and the Perizzite, and the Rephaim,
καὶ τοὺς χετταίους καὶ τοὺς φερεζαίους καὶ τοὺς ραφαῖν
- 21 moun Amori yo, moun Kanaran yo, moun Gigach yo ak moun Jebis yo rete.
And the Amorite, and the Canaanite, and the Girgashite, and the Jebusite.
καὶ τοὺς αμορραίους καὶ τοὺς χαναναίους καὶ τοὺς ευαίους καὶ τοὺς γεργεσαίους καὶ τοὺς ιεβουσαίους
- 1 ¶ Sarayi, madanm Abram, pa t' janm fè pitit. Sarayi te gen yon sèvant, moun peyi Lejip, yo te rele Aga.
Now Sarai, Abram's wife, had given him no children; and she had a servant, a woman of Egypt whose name was Hagar.
σαρα δὲ ἡ γυνὴ αβραμ οὐκ ἔτικτεν αὐτῷ ἦν δὲ αὐτῇ παιδίσκη αἰγυπτία ἣ ὄνομα αγαρ
- 2 Sarayi di Abram konsa. Gade! Seyè a pa kite mwen fè pitit. Al kouche ak sèvant mwen an non. Ou pa janm konnen, li ka fè pitit pou mwen. Abram tonbe dakò ak sa Sarayi te di l' la.
And Sarai said to Abram, See, the Lord has not let me have children; go in to my servant, for I may get a family through her. And Abram did as Sarai said.
εἶπεν δὲ σαρα πρὸς αβραμ ἰδοὺ συνέκλεισέν με κύριος τοῦ μὴ τίκτειν εἰσελθε οὖν πρὸς τὴν παιδίσκην μου ἵνα τεκνοποιήσῃς ἐξ αὐτῆς ὑπήκουσεν δὲ αβραμ τῆς φωνῆς σαρας
- 3 Se konsa, Sarayi, madanm Abram, pran sèvant li a, Aga ki te moun peyi Lejip, li bay Abram li pou madanm. Lè sa a, Abram te gen tan gen dizan nan peyi Kanaran.
So after Abram had been living for ten years in the land of Canaan, Sarai took Hagar, her Egyptian servant, and gave her to Abram for his wife.
καὶ λαβοῦσα σαρα ἡ γυνὴ αβραμ αγαρ τὴν αἰγυπτίαν τὴν ἐναντῆς παιδίσκην μετὰ δέκα ἔτη τοῦ οἰκῆσαι αβραμ ἐν γῆ χανασαν καὶ ἔδωκεν αὐτὴν αβραμ τῷ ἀνδρὶ αὐτῆς αὐτῷ γυναῖκα
- 4 ¶ Abram kouche ak Aga. Aga vin ansent. Lè Aga wè li ansent, lògèy vire tèt li, li pa gade Sarayi, metrès li, pou anyen ankò.
And he went in to Hagar and she became with child, and when she saw that she was with child, she no longer had any respect for her master's wife.
καὶ εἰσήλθεν πρὸς αγαρ καὶ συνέλαβεν καὶ εἶδεν ὅτι ἐν γαστρὶ ἔχει καὶ ἠτιμιάσθη ἡ κυρία ἐναντίον αὐτῆς
- 5 Lè sa a, Sarayi di Abram. Se fòt ou wi si m'ap sibi tout wont sa a. Se mwen menm ki te ba ou sèvant mwen an pou madanm. Men, depi li wè li ansent lan, li pa gade m' pou anyen ankò. Se Seyè a ki pou jije m' avè ou.
And Sarai said to Abram, May my wrong be on you: I gave you my servant for your wife and when she saw that she was with child, she no longer had any respect for me: may the Lord be judge between you and me.
εἶπεν δὲ σαρα πρὸς αβραμ ἀδικοῦμαι ἐκ σοῦ ἐγὼ δέδωκα τὴν παιδίσκην μου εἰς τὸν κόλπον σου ἰδοῦσα δὲ ὅτι ἐν γαστρὶ ἔχει ἠτιμιάσθη ἐναντίον αὐτῆς κρίναι ὁ θεὸς ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ
- 6 Abram reponn Sarayi, li di l'. Sèvant ou pou ou. Li sou zòd ou. Ou gen dwa fè sa ou vle avè l'. Se konsa, Sarayi pran maltrete Aga sitèlman, Aga blije sove kite kay la pou li.
And Abram said, The woman is in your power; do with her whatever seems good to you. And Sarai was cruel to her, so that she went running away from her.
εἶπεν δὲ αβραμ πρὸς σαραν ἰδοὺ ἡ παιδίσκη σου ἐν ταῖς χερσίν σου χρῶ αὐτῇ ὡς ἂν σοι ἄρεστόν ἦ καὶ ἐκάκωσεν αὐτὴν σαρα καὶ ἀπέδρα ἀπὸ προσώπου αὐτῆς
- 7 ¶ Zanj Seyè a kontre Aga bò yon sous dlo nan dezè a sou wout ki mennen nan peyi Chour la.
And an angel of the Lord came to her by a fountain of water in the waste land, by the fountain on the way to Shur.
εὔρεν δὲ αὐτὴν ἄγγελος κυρίου ἐπὶ τῆς πηγῆς τοῦ ὕδατος ἐν τῇ ἐρήμῳ ἐπὶ τῆς πηγῆς ἐν τῇ ὁδῷ σουρ
- 8 Li di l' konsa. Aga, sèvant Sarayi, kote ou sot la a? Kote ou prale? Aga reponn. M'ap kouri pou Sarayi, metrès mwen.
And he said, Hagar, Sarai's servant, where have you come from and where are you going? And she said, I am running away from Sarai, my master's wife.
καὶ εἶπεν αὐτῇ ὁ ἄγγελος κυρίου αγαρ παιδίσκη σαρας πῶθεν ἔρχῃ καὶ ποῦ πορεύῃ καὶ εἶπεν ἀπὸ προσώπου σαρας τῆς κυρίας μου ἐγὼ ἀποδιδράσκω
- 9 Zanj Seyè a di l'. Tounen lakay metrès ou, soumèt ou devan li.
And the angel said to her, Go back, and put yourself under her authority.
εἶπεν δὲ αὐτῇ ὁ ἄγγελος κυρίου ἀποστράφητι πρὸς τὴν κυρίαν σου καὶ ταπεινώθητι ὑπὸ τὰς χεῖρας αὐτῆς
- 10 ¶ Zanj lan di l' ankò. M'ap ba ou anpil anpil pitit pitit. Moun p'ap ka konte yo.
And the angel of the Lord said, Your seed will be greatly increased so that it may not be numbered.
καὶ εἶπεν αὐτῇ ὁ ἄγγελος κυρίου πληθύνων πληθύνῳ τὸ σπέρμα σου καὶ οὐκ ἀριθμηθήσεται ἀπὸ τοῦ πλήθους
- 11 Zanj lan di l' ankò. Gade! Ou ansent. Ou pral fè yon ti gason. Wa rele l' Izmayèl, paske Seyè a tandè rèl ou nan tray w'ap pase a.
And the angel of the Lord said, See, you are with child and will give birth to a son, to whom you will give the name Ishmael, because the ears of the Lord were open to your sorrow.
καὶ εἶπεν αὐτῇ ὁ ἄγγελος κυρίου ἰδοὺ σὺ ἐν γαστρὶ ἔχεις καὶ τέξῃ υἱὸν καὶ καλέσεις τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰσμαηλ ὅτι ἐπήκουσεν κύριος τῇ ταπεινώσει σου

- 12 Pitit gason ou lan va tankou yon bourik mawon. L'ap chache tout moun kont. tout moun va chache l' kont. Li p'ap mele ak tout frè l' yo. L'ap viv pou kont li.
And he will be like a mountain ass among men; his hand will be against every man and every man's hand against him, and he will keep his place against all his brothers.
οὗτος ἔσται ἄγροικος ἄνθρωπος αἱ χεῖρες αὐτοῦ ἐπὶ πάντας καὶ αἱ χεῖρες πάντων ἐπ' αὐτόν καὶ κατὰ πρόσωπον πάντων τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ κατοικήσει
- 13 Aga di nan kè l'. Ou kwè se vre se mwen ki wè moun ki wè m' lan? Se konsa li bay Seyè a yon non, li rele l': Ou se Bondye ki wè m' lan.
And to the Lord who was talking with her she gave this name, You are a God who is seen; for she said, Have I not even here in the waste land had a vision of God and am still living?
καὶ ἐκάλεσεν ἄγαρ τὸ ὄνομα κυρίου τοῦ λαλοῦντος πρὸς αὐτήν σὺ ὁ θεὸς ὁ ἐπιδὼν με ὅτι εἶπεν καὶ γὰρ ἐνώπιον εἶδον ὀφθέντα μοι
- 14 Se poutèt sa, yo rele pi dlo ki ant Kadès ak Barèd la: Pi moun vivan ki wè m' lan.
So that fountain was named, Fountain of Life and Vision: it is between Kadesh and Bered.
ἐνεκεν τούτου ἐκάλεσεν τὸ φρέαρ φρέαρ οὐ ἐνώπιον εἶδον ἰδοῦ ἀνὰ μέσον καθῆς καὶ ἀνὰ μέσον βαραδ
- 15 ¶ Aga fè yon pitit gason pou Abram. Abram rele pitit la Izmayèl.
And Hagar gave birth to a child, the son of Abram, to whom Abram gave the name of Ishmael.
καὶ ἔτεκεν ἄγαρ τῷ ἀβραμ υἱόν καὶ ἐκάλεσεν ἀβραμ τὸ ὄνομα τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ ὄν ἔτεκεν αὐτῷ ἄγαρ ἰσμαηλ
- 16 Abram te gen katrevensizan lè Aga te fè Izmayèl.
Abram was eighty-six years old when Hagar gave birth to Ishmael.
ἀβραμ δὲ ἦν ὀγδοήκοντα ἕξ ἐτῶν ἡνίκα ἔτεκεν ἄγαρ τὸν ἰσμαηλ τῷ ἀβραμ
- 1 ¶ Le Abram rive sou katrevendisnevan laj, Seyè a parèt devan l', li di l' konsa. Mwen se Bondye ki gen tout pouvwa a. Se pou ou toujou fè sa m' di ou fè. Se pou ou mennen yon vi san repwòch.
When Abram was ninety-nine years old, the Lord came to him, and said, I am God, Ruler of all; go in my ways and be upright in all things,
ἐγένετο δὲ ἀβραμ ἐτῶν ἐνενήκοντα ἐννέα καὶ ὤφθη κύριος τῷ ἀβραμ καὶ εἶπεν αὐτῷ ἐγώ εἰμι ὁ θεὸς σου εὐαρέσται ἐναντίον ἐμοῦ καὶ γίνου ἄμωπτος
- 2 M'ap pase yon kontra avè ou, m'ap ba ou anpil anpil pitit pitit.
And I will make an agreement between you and me, and your offspring will be greatly increased.
καὶ θήσομαι τὴν διαθήκην μου ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ ἀνὰ μέσον σοῦ καὶ πληθυνῶ σε σφόδρα
- 3 Lè sa a, Abram mete ajenou, li bese tèt li jouk atè. Bondye pale avè l' ankò, li di l'.
And Abram went down on his face on the earth, and the Lord God went on talking with him, and said,
καὶ ἔπεσεν ἀβραμ ἐπὶ πρόσωπον αὐτοῦ καὶ ἐλάλησεν αὐτῷ ὁ θεὸς λέγων
- 4 ¶ -Men kontra m'ap pase avè ou la. W'ap zansèt moun anpil nasyon.
As for me, my agreement is made with you, and you will be the father of nations without end.
καὶ ἐγὼ ἰδοῦ ἡ διαθήκη μου μετὰ σοῦ καὶ ἔση πατήρ πλήθους ἐθνῶν
- 5 Yo p'ap rele ou Abram ankò. Men y'a rele ou Abraram, paske m'ap fè ou tounen zansèt moun anpil nasyon.
No longer will your name be Abram, but Abraham, for I have made you the father of a number of nations.
καὶ οὐ κληθήσεται ἔτι τὸ ὄνομά σου ἀβραμ ἀλλ' ἔσται τὸ ὄνομά σου ἀβρααμ ὅτι πατέρα πολλῶν ἐθνῶν τέθεικά σε
- 6 M'ap ba ou anpil anpil pitit pitit. Y'ap tounen kantite nasyon. Anpil wa ap sot nan ras ou.
I will make you very fertile, so that nations will come from you and kings will be your offspring.
καὶ αὐξάνω σε σφόδρα σφόδρα καὶ θήσω σε εἰς ἔθνη καὶ βασιλεῖς ἐκ σοῦ ἐξελεύσονται
- 7 ¶ M'ap kenbe kontra m' lan avè ou, avèk tout ras ou. De pitit an pitit, se va yon kontra k'ap la pou tout tan. Se mwen k'ap Bondye ou, se mwen k'ap Bondye pitit pitit ou yo tou.
And I will make between me and you and your seed after you through all generations, an eternal agreement to be a God to you and to your seed after you.
καὶ στήσω τὴν διαθήκην μου ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ ἀνὰ μέσον σοῦ καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ σπέρματός σου μετὰ σέ εἰς γενεάς αὐτῶν εἰς διαθήκην αἰώνιον εἶναί σου θεὸς καὶ τοῦ σπέρματός σου μετὰ σέ
- 8 Ou wè tè kote ou rete tankou moun vini koulye a? Mwen gen pou m' ba ou l' ansanm ak tout pitit pitit ou yo. tout peyi Kanaran an ap rele ou pa ou pou tout tan. Wi, se mwen menm k'ap Bondye yo tout.
And to you and to your seed after you, I will give the land in which you are living, all the land of Canaan for an eternal heritage; and I will be their God.
καὶ δώσω σοι καὶ τῷ σπέρματί σου μετὰ σέ τὴν γῆν ἣν παροικεῖς πᾶσαν τὴν γῆν χανααν εἰς κατάσχεσιν αἰώνιον καὶ ἔσομαι αὐτοῖς θεός
- 9 Bondye di Abraram. Men ou menm ansanm ak tout ras ou, de pitit an pitit, se pou nou dakò pou nou kenbe kontra a avèk mwen.
And God said to Abraham, On your side, you are to keep the agreement, you and your seed after you through all generations.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς πρὸς ἀβρααμ σὺ δὲ τὴν διαθήκην μου διατηρήσεις σὺ καὶ τὸ σπέρμα σου μετὰ σέ εἰς τὰς γενεάς αὐτῶν

- 10 Men sa pou ou menm ansanm ak tout pitit ou yo pou nou dakò fè: se pou tout gason nan mitan nou sikonsi.
And this is the agreement which you are to keep with me, you and your seed after you: every male among you is to undergo circumcision.
 και αὕτη ἡ διαθήκη ἦν διατηρήσεις ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ ὑμῶν καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ σπέρματός σου μετὰ σὲ εἰς τὰς γενεὰς αὐτῶν περιτμηθήσεται ὑμῶν πᾶν ἀρσενικόν
- 11 Depi koulye a, se pou nou sikonsi tout gason. Se pou sa sèvi yon siy pou moutre gen yon kontra ki pase ant nou menm avè m'.
In the flesh of your private parts you are to undergo it, as a mark of the agreement between me and you.
 και περιτμηθήσεθε τὴν σάρκα τῆς ἀκροβυστίας ὑμῶν καὶ ἔσται ἐν σημείῳ διαθήκης ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ ὑμῶν
- 12 Se pou nou sikonsi tout gason wit jou apre yo fèt, li te mèt pitit moun lakay la, osinon pitit moun lòt nasyon ou pran pou travay lakay ou.
Every male among you, from one generation to another, is to undergo circumcision when he is eight days old, with every servant whose birth takes place in your house, or for whom you gave money to someone of another country, and not of your seed.
 και παιδίον ὀκτὼ ἡμερῶν περιτμηθήσεται ὑμῖν πᾶν ἀρσενικόν εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν ὁ οἰκογενῆς τῆς οἰκίας σου καὶ ὁ ἀργυρόνητος ἀπὸ παντὸς υἱοῦ ἀλλοτρίου ὃς οὐκ ἔστιν ἐκ τοῦ σπέρματός σου
- 13 Wi, se pou yo tout yo sikonsi, kit yo fèt lakay ou, kit yo fèt nan peyi etranje. Se va yon mak nan kò nou pou fè wè kontra mwen pase avèk nou an, se yon kontra ki la pou tout tan.
He who comes to birth in your house and he who is made yours for a price, all are to undergo circumcision; so that my agreement may be marked in your flesh, an agreement for all time.
 περιτομὴ περιτμηθήσεται ὁ οἰκογενῆς τῆς οἰκίας σου καὶ ὁ ἀργυρόνητος καὶ ἔσται ἡ διαθήκη μου ἐπὶ τῆς σαρκὸς ὑμῶν εἰς διαθήκην αἰώνιον
- 14 Si yon gason pa sikonsi, se pou yo disparèt li nan ras la, paske li pa t' kenbe kontra mwen fè ak nou an.
And any male who does not undergo circumcision will be cut off from his people: my agreement has been broken by him.
 και ἀπερίτμητος ἄρσεν ὃς οὐ περιτμηθήσεται τὴν σάρκα τῆς ἀκροβυστίας αὐτοῦ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ὀγδόῃ ἐξολεθρευθήσεται ἡ ψυχὴ ἐκείνη ἐκ τοῦ γένους αὐτῆς ὅτι τὴν διαθήκην μου διεσκέδασεν
- 15 ¶ Apre sa, Bondye di Abraram. Sarayi, madanm ou, p'ap rele Sarayi ankò. Men depi jòdi a y'a rele l' Sara.
And God said, As for Sarai, your wife, from now her name will be not Sarai, but Sarah.
 εἶπεν δὲ ὁ θεὸς τῷ ἀβρααμ σαρρα ἡ γυνὴ σου οὐ κληθήσεται τὸ ὄνομα αὐτῆς σαρρα ἀλλὰ σαρρα ἔσται τὸ ὄνομα αὐτῆς
- 16 M'ap beni madanm ou, m'ap fè l' ba ou yon pitit gason. M'ap beni l', m'ap fè l' tounen manman moun anpil nasyon. Anpil nan pitit pitit li yo va wa.
And I will give her a blessing so that you will have a son by her: truly my blessing will be on her, and she will be the mother of nations: kings of peoples will be her offspring.
 εὐλογῆσω δὲ αὐτὴν καὶ δώσω σοι ἐξ αὐτῆς τέκνον καὶ εὐλογῆσω αὐτὸν καὶ ἔσται εἰς ἔθνη καὶ βασιλεῖς ἔθνων ἐξ αὐτοῦ ἔσονται
- 17 Abraram mete ajenou, li bese tèt li jouk atè. Men, li tonbe ri lè l' chonje jan l' fin granmoun. Li t'ap di nan kè l'. Eske yon nonm ki gen santan ka fè pitit ankò? Eske Sara, yon fanm ki gen katrevendizan, ka vin ansent?
Then Abraham went down on his face, and laughing, said in his heart, May a man a hundred years old have a child? will Sarah, at ninety years old, give birth?
 και ἔπεσεν ἀβρααμ ἐπὶ πρόσωπον καὶ ἐγέλασεν καὶ εἶπεν ἐν τῇ διανοίᾳ αὐτοῦ λέγων εἰ τῷ ἑκατονταετείῳ γενήσεται καὶ εἰ σαρρα ἐνενήκοντα ἐτῶν οὐσα τέξεται
- 18 Li di Bondye. Tanpri, beni Izmayèl. Pa kite l' mourì!
And Abraham said to God, If only Ishmael's life might be your care!
 εἶπεν δὲ ἀβρααμ πρὸς τὸν θεόν ἰσμηλ. οὗτος ζήτω ἐναντίον σου
- 19 Men Bondye di l'. Non, se Sara madanm ou, ki gen pou fè yon pitit gason pou ou. W'a rele l' Izarak. M'ap kenbe kontra mwen avèk li, ansanm ak pitit pitit li yo. Pa bliye. Se va yon kontra k'ap la pou tout tan.
And God said, Not so; but Sarah, your wife, will have a son, and you will give him the name Isaac, and I will make my agreement with him for ever and with his seed after him.
 εἶπεν δὲ ὁ θεὸς τῷ ἀβρααμ ναὶ ἰδοὺ σαρρα ἡ γυνὴ σου τέξεται σοι υἱόν καὶ καλέσεις τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰσαακ καὶ στήσω τὴν διαθήκην μου πρὸς αὐτὸν εἰς διαθήκην αἰώνιον καὶ τῷ σπέρματι αὐτοῦ μετ' αὐτόν
- 20 Ou mande m' pou m' pwoteje Izmayèl pou ou! M'ap fè l' pou ou! M'ap beni l', m'ap ba li anpil pitit ak anpil pitit pitit. Gen douz chèf k'ap soti nan fanmi li. M'ap fè pitit li yo tounen yon gwo nasyon.
As for Ishmael, I have given ear to your prayer: truly I have given him my blessing and I will make him fertile and give him great increase; he will be the father of twelve chiefs, and I will make him a great nation.
 περι δὲ ἰσμηλ ἰδοὺ ἐπήκουσά σου ἰδοὺ εὐλόγησα αὐτὸν καὶ αὐξάνω αὐτὸν καὶ πληθυνῶ αὐτὸν σφόδρα δώδεκα ἔθνη γεννήσει καὶ δώσω αὐτὸν εἰς ἔθνος μέγα
- 21 Men, m'ap kenbe kontra mwen an avèk Izarak, pitit gason Sara pral fè pou ou a. L'ap fèt lanne k'ap vini an, lè konsa.
But my agreement will be with Isaac, to whom Sarah will give birth a year from this time.
 τὴν δὲ διαθήκην μου στήσω πρὸς ἰσαακ ὃν τέξεται σοι σαρρα εἰς τὸν καιρὸν τοῦτον ἐν τῷ ἐνιαυτῷ τῷ ἐτέρῳ

- 22 Lè Bondye fin pale avèk Abraram, li kite l', li moute nan syèl.
And having said these words, God went up from Abraham.
 συνετέλεσεν δὲ λαλῶν πρὸς αὐτὸν καὶ ἀνέβη ὁ θεὸς ἀπὸ αβρααμ
- 23 ¶ Jou sa a Abraram pran Izmayèl, pitit gason li an, ak tout gason ki t'ap travay lakay li, kit yo te fèt nan kay la, kit se moun lòt nasyon li te pran pou sèvi l', li sikonsi yo tout menm jou a, jan Bondye te pase l' lòd la.
And Abraham took Ishmael, his son, and all whose birth had taken place in his house, and all his servants whom he had made his for a price, every male of his house, and on that very day he gave them circumcision in the flesh of their private parts as God had said to him.
 καὶ ἔλαβεν αβρααμ ἰσμαηλ τὸν υἱὸν αὐτοῦ καὶ πάντας τοὺς οἰκογενεῖς αὐτοῦ καὶ πάντας τοὺς ἀργυρωνήτους καὶ πᾶν ἄρσεν τῶν ἀνδρῶν τῶν ἐν τῷ οἴκῳ αβρααμ καὶ περιέτεμεν τὰς ἀκροβυστίας αὐτῶ ἐν τῷ καιρῷ τῆς ἡμέρας ἐκείνης καθὰ ἐλάλησεν αὐτῷ ὁ θεός
- 24 Abraram poutèt pa l' te gen katrevendiznèvan lè l' te sikonsi.
Abraham was ninety-nine years old when he underwent circumcision.
 αβρααμ δὲ ἦν ἐνενήκοντα ἐννέα ἐτῶν ἠνίκα περιέτεμεν τὴν σάρκα τῆς ἀκροβυστίας αὐτοῦ
- 25 Izmayèl, pitit gason l' lan, te gen trèzan lè l' te sikonsi.
And Ishmael, his son, was thirteen years old when he underwent circumcision.
 ἰσμαηλ δὲ ὁ υἱὸς αὐτοῦ ἐτῶν δέκα τριῶν ἦν ἠνίκα περιετιμήθη τὴν σάρκα τῆς ἀκροβυστίας αὐτοῦ
- 26 Yo tout de, yo sikonsi yo menm jou
Abraham and Ishmael, his son, underwent circumcision on that very day.
 ἐν τῷ καιρῷ τῆς ἡμέρας ἐκείνης περιετιμήθη αβρααμ καὶ ἰσμαηλ ὁ υἱὸς αὐτοῦ
- 27 ansanm ak tout domestik ki te lakay li, kit yo te fèt la, kit se achte li te achte yo nan men moun lòt nasyon yo.
And all the men of his house, those whose birth had taken place in the house and those whom he had got for money from men of other lands, underwent circumcision with him.
 καὶ πάντες οἱ ἄνδρες τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ οἱ οἰκογενεῖς καὶ οἱ ἀργυρόνητοι ἐξ ἄλλογενῶν ἔθνων περιέτεμεν αὐτούς
- 1 ¶ Seyè a parèt devan Abraram bò pye bwadchenn Mamre yo. Abraram te chita nan papòt kay li, lè ki te fè pi cho nan lajounen an.
Now the Lord came to him by the holy tree of Mamre, when he was seated in the doorway of his tent in the middle of the day;
 ὤφθη δὲ αὐτῷ ὁ θεὸς πρὸς τῇ ὀρῷ τῇ μαμβρη καθήμενου αὐτοῦ ἐπὶ τῆς θύρας τῆς σκηνῆς αὐτοῦ μεσημβρίας
- 2 Abraram leve je l', li rete konsa li wè twa mesye kanpe devan li toupre pyebwa yo. Wè li wè yo, li leve nan papòt la, li kouri al jwenn yo, li bese tèt li jouk atè pou l' di yo bonjou.
And lifting up his eyes, he saw three men before him; and seeing them, he went quickly to them from the door of the tent, and went down on his face to the earth;
 ἀναβλέψας δὲ τοῖς ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ εἶδεν καὶ ἰδοὺ τρεῖς ἄνδρες εἰστήκεισαν ἐπάνω αὐτοῦ καὶ ἰδὼν προσέδραμεν εἰς συνάντησιν αὐτοῖς ἀπὸ τῆς θύρας τῆς σκηνῆς αὐτοῦ καὶ προσεκύνησεν ἐπὶ τὴν γῆν
- 3 Li di. Mèt, tanpri. Pa pase devan lakay mwen san ou pa fè yon ti rete. Se sèvitè ou mwen ye.
And said, My Lord, if now I have grace in your eyes, do not go away from your servant:
 καὶ εἶπεν κύριε εἰ ἄρα εὗρον χάριν ἐναντίον σου μὴ παρέλθῃς τὸν παῖδά σου
- 4 Kite m' mande yo pote ti gout dlo pou lave pye ou. Lèfini, w'a pran yon ti repo anba pyebwa sa a.
Let me get water for washing your feet, and take your rest under the tree:
 λημφθήτω δὴ ὕδωρ καὶ νιψάτωσαν τοὺς πόδας ὑμῶν καὶ καταψύξατε ὑπὸ τὸ δένδρον
- 5 'a pote yon ti manje pou ou soutni kè ou pou ou reprann fòs pou ou ka kontinye vwayaj ou. Ou rive lakay mwen, mwen la pou m' sèvi ou. Yo reponn li: -Dakò. Ou mèt fè jan ou di a.
And let me get a bit of bread to keep up your strength, and after that you may go on your way: for this is why you have come to your servant. And they said, Let it be so.
 καὶ λήψομαι ἄρτον καὶ φάγεσθε καὶ μετὰ τοῦτο παρελεύσεσθε εἰς τὴν ὁδὸν ὑμῶν οὐ εἵνεκεν ἐξεκλίνατε πρὸς τὸν παῖδα ὑμῶν καὶ εἶπαν οὕτως ποίησον καθὼς εἶρηκας
- 6 Abraram kouri lakay li, li ale jwenn Sara. Li di l' konsa. Fè vit. Pran trant liv farin bon kalite, mouye l', fè pen.
Then Abraham went quickly into the tent, and said to Sarah, Get three measures of meal straight away and make cakes.
 καὶ ἔσπευσεν αβρααμ ἐπὶ τὴν σκηνὴν πρὸς σαρραν καὶ εἶπεν αὐτῇ σπεῦσον καὶ φάρασσον τρία μέτρα σειμδάλεως καὶ ποίησον ἐγκρυφίας
- 7 Apre sa, Abraram kouri al nan bann bèt li yo, li pran yon jenn ti bèf byen gra, li bay yonn nan domestik li yo li pou li prese al kòche l'.
And running to the herd, he took a young ox, soft and fat, and gave it to the servant and he quickly made it ready;
 καὶ εἰς τὰς βόας ἔδραμεν αβρααμ καὶ ἔλαβεν μοσχάριον ἀπαλὸν καὶ καλὸν καὶ ἔδωκεν τῷ παιδί καὶ ἐτάχυνεν τοῦ ποιῆσαι αὐτό

- 8 Apre sa, li pran fwomaj, li pran lèt fre, li mete yo ansanm ak vyann yo te pare a, li sèvi mesye yo. Pandan yo t'ap manje, Abraram te kanpe bò kote yo anba pyebwa a.
And he took butter and milk and the young ox which he had made ready and put it before them, waiting by them under the tree while they took food.
 ἔλαβεν δὲ βούτυρον καὶ γάλα καὶ τὸ μοσχάριον ὃ ἐποίησεν καὶ παρέθηκεν αὐτοῖς καὶ ἐφάγουσαν αὐτοὺς δὲ παρρηστήκει αὐτοῖς ὑπὸ τὸ δένδρον
- 9 ¶ Lèfini, yo mande l'. Kote Sara, madanm ou? Li reponn. Li la wi, anndan kay la.
And they said to him, Where is Sarah your wife? And he said, She is in the tent.
 εἶπεν δὲ πρὸς αὐτόν ποῦ σαρρα ἡ γυνὴ σου ὃ δὲ ἀποκριθεὶς εἶπεν ἰδοὺ ἐν τῇ σκηνῇ
- 10 Yonn nan vizitè yo di l'. Mwen gen pou m' tounen isit la, lè konsa lanne k'ap vini an. Lè sa a, Sara, madanm ou, ap gen tan gen yon pitit gason. Sara menm te kanpe nan papòt la dèyè Abraram, li t'ap koute.
And he said, I will certainly come back to you in the spring, and Sarah your wife will have a son. And his words came to the ears of Sarah who was at the back of the tent-door.
 εἶπεν δὲ ἐπαναστρέφον ἦξω πρὸς σὲ κατὰ τὸν καιρὸν τούτων εἰς ὥρας καὶ ἔξει υἱὸν σαρρα ἡ γυνὴ σου σαρρα δὲ ἤκουσεν πρὸς τῇ θύρᾳ τῆς σκηνῆς οὕσα ὀπισθεν αὐτοῦ
- 11 Abraram ak Sara te fin vye granmoun. Yo te antre nan laj. Sara te sispann gen lalen li.
Now Abraham and Sarah were very old, and Sarah was past the time for giving birth.
 ἀβρααμ δὲ καὶ σαρρα πρεσβύτεροι προβεβηκότες ἡμερῶν ἐξέλειπεν δὲ σαρρα γίνεσθαι τὰ γυναικεῖα
- 12 Sara tonbe ri nan kè l', li t'ap di. Koulye a, kalite jan m' fin vye a, ou kwè lide m' ta sou gason toujou! Epitou, mari mwen, mèt mwen, fin granmoun!
And Sarah, laughing to herself, said, Now that I am used up am I still to have pleasure, my husband himself being old?
 ἐγέλασεν δὲ σαρρα ἐν ἑαυτῇ λέγουσα οὐπω μὲν μοι γέγονεν ἕως τοῦ νῦν ὃ δὲ κύριός μου πρεσβύτερος
- 13 Seyè a di Abraram. Sa ki gen la a pou Sara ri konsa, pou l'ap di nan kè l'. Eske mwen kapab fè pitit ankò, jan m' fin vye a?
And the Lord said, Why was Sarah laughing and saying, Is it possible for me, being old, to give birth to a child?
 καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἀβρααμ τί ἐστι ἐγέλασεν σαρρα ἐν ἑαυτῇ λέγουσα ἄρα γε ἀληθῶς τέξομαι ἐγὼ δὲ γεγήρακα
- 14 Bon. Eske gen kichòy ki twòp la a pou Mèt la fè? Sou dat mwen fikse a, m'a tounen pase wè ou ankò. Lè sa a, Sara va gen yon pitit gason.
Is there any wonder which the Lord is not able to do? At the time I said, in the spring, I will come back to you, and Sarah will have a child.
 μὴ ἀδυνατεῖ παρὰ τῷ θεῷ ῥῆμα εἰς τὸν καιρὸν τούτων ἀναστρέψω πρὸς σὲ εἰς ὥρας καὶ ἔσται τῇ σαρρα υἱός
- 15 Sara te pè, li t'ap plede, li t'ap di. Mwen pa t' ri non! Men Seyè a di l'. Men wi, machè, ou te ri.
Then Sarah said, I was not laughing; for she was full of fear. And he said, No, but you were laughing.
 ἠρνήσατο δὲ σαρρα λέγουσα οὐκ ἐγέλασα ἐφοβήθη γάρ καὶ εἶπεν οὐχὶ ἀλλὰ ἐγέλασας
- 16 ¶ Mesye yo leve, yo pati, yo mete tèt sou Sodòm. Yo rive kote yo te ka voye je yo gade anba pou wè Sodòm. Abraram menm t'ap mache ak yo. Li t'ap kondi yo mete pi devan sou wout la.
And the men went on from there in the direction of Sodom; and Abraham went with them on their way.
 ἐξαναστάντες δὲ ἐκεῖθεν οἱ ἄνδρες κατέβλεψαν ἐπὶ πρόσωπον σοδομων καὶ γομορρας ἀβρααμ δὲ συνεπορεύετο μετ' αὐτῶν συμπροπέμων αὐτούς
- 17 Seyè a di nan kè l'. Mwen pa kapab kache Abraram sa m' pral fè a.
And the Lord said, Am I to keep back from Abraham the knowledge of what I do;
 ὃ δὲ κύριος εἶπεν μὴ κρύψω ἐγὼ ἀπὸ ἀβρααμ τοῦ παιδός μου ἃ ἐγὼ ποιῶ
- 18 Pitit pitit li yo pral tounen yon gwo nasyon ki va gen pouvwa. Gremesi Abraram, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon.
Seeing that Abraham will certainly become a great and strong nation, and his name will be used by all the nations of the earth as a blessing?
 ἀβρααμ δὲ γινόμενος ἔσται εἰς ἔθνος μέγα καὶ πολὺ καὶ ἐνευλογηθήσονται ἐν αὐτῷ πάντα τὰ ἔθνη τῆς γῆς
- 19 Mwen te chwazi l' pou l' te pase pitit li yo ak tout rèz fanmi l' k'ap vin apre li yo lòd pou yo mache nan chemen Seyè a met devan yo, pou yo fè sa ki kòrèk ak sa ki dwat devan Bondye. Se konsa m'a fè pou li tout sa mwen te pwomèt li a.
For I have made him mine so that he may give orders to his children and those of his line after him, to keep the ways of the Lord, to do what is good and right: so that the Lord may do to Abraham as he has said.
 ἦδειν γὰρ ὅτι συντάξει τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ καὶ τῷ οἴκῳ αὐτοῦ μετ' αὐτόν καὶ φυλάξουσιν τὰς ὁδοὺς κυρίου ποιεῖν δικαιοσύνην καὶ κρίσιν ὅπως ἂν ἐπαγάγη κύριος ἐπὶ ἀβρααμ πάντα ὅσα ἐλάλησεν πρὸς αὐτόν
- 20 Apre sa, Seyè a di. Se pa ti kras bagay y'ap di sou moun Sodòm ak moun Gomò, paske peche moun sa yo lou anpil.
And the Lord said, Because the outcry against Sodom and Gomorrah is very great, and their sin is very evil,
 εἶπεν δὲ κύριος κραυγὴ σοδομων καὶ γομορρας πεπλήθυνται καὶ αἱ ἁμαρτίαι αὐτῶν μεγάλαί σφόδρα

- 21 M'ap desann pou m' wè ak je mwen si sa y'ap di sou yo a se vre. Si se pa vre, m'a konnen.
I will go down now, and see if their acts are as bad as they seem from the outcry which has come to me; and if they are not, I will see.
καταβῆς οὖν ὄψομαι εἰ κατὰ τὴν κραυγὴν αὐτῶν τὴν ἐρχομένην πρὸς με συντελοῦνται εἰ δὲ μὴ ἴνα γνῶ
- 22 Mesye yo pati, yo mete tèt sou Sodòm. Men, Seyè a te rete ak Abraram.
And the men, turning from that place, went on to Sodom: but Abraham was still waiting before the Lord.
καὶ ἀποστρέψαντες ἐκεῖθεν οἱ ἄνδρες ἦλθον εἰς σοδομα ἀβρααμ δὲ ἦν ἐστηκὼς ἐναντίον κυρίου
- 23 ¶ Abraram pwoche bò kote Seyè a, li mande l'. Eske se vre ou pral touye inonsan yo ansanm ak koupab yo?
And Abraham came near, and said, Will you let destruction come on the upright with the sinners?
καὶ ἐγγίσας ἀβρααμ εἶπεν μὴ συναπολέσῃς δίκαιον μετὰ ἀσεβοῦς καὶ ἔσται ὁ δίκαιος ὡς ὁ ἀσεβής
- 24 Si gen senkant moun inonsan nan lavil la, èske w'ap detwi tout lavil la? Eske ou p'ap fè pa lavil la poutèt senkant inonsan sa yo?
If by chance there are fifty upright men in the town, will you give the place to destruction and not have mercy on it because of the fifty upright men?
ἐὰν ὄσιν πενήκοντα δίκαιοι ἐν τῇ πόλει ἀπολεῖς αὐτοῦς οὐκ ἀνήσεις πάντα τὸν τόπον ἕνεκεν τῶν πενήκοντα δικαίων ἐὰν ὄσιν ἐν αὐτῇ
- 25 Aa! Pou di w'ap fè inonsan peri ak koupab? Se pa posibil. Ou pa ka fè sa. Se lenjistis pou inonsan gen menm sò ak koupab. Non, sa pa ka fèt. Bondye k'ap jije tout moun sou tè a pa ka nan fè lenjistis.
Let such a thing be far from you, to put the upright to death with the sinner: will not the judge of all the earth do right?
μηδαμῶς σὺ ποιήσεις ὡς τὸ ῥῆμα τοῦτο τοῦ ἀποκτείνειν δίκαιον μετὰ ἀσεβοῦς καὶ ἔσται ὁ δίκαιος ὡς ὁ ἀσεβής μηδαμῶς ὁ κρίνων πᾶσαν τὴν γῆν οὐ ποιήσεις κρίσιν
- 26 Seyè a reponn. Si mwen jwenn senkant inonsan nan lavil Sodòm, m'ap fè pa tout lavil la, poutèt senkant inonsan sa yo.
And the Lord said, If there are fifty upright men in the town, I will have mercy on it because of them.
εἶπεν δὲ κύριος ἐὰν εὔρω ἐν σοδομοῖς πενήκοντα δικαίους ἐν τῇ πόλει ἀφήσω πάντα τὸν τόπον δι' αὐτούς
- 27 Abraram pale ankò, li di. Eskize m' wi! Seyè, si m' penmèt mwen pale ankò. Se moun ase mwen ye, mwen pa gen dwa di ou anyen.
And Abraham answering said, Truly, I who am only dust, have undertaken to put my thoughts before the Lord:
καὶ ἀποκριθεὶς ἀβρααμ εἶπεν νῦν ἠρξάμην λαλῆσαι πρὸς τὸν κύριον ἐγὼ δὲ εἰμι γῆ καὶ σποδός
- 28 Men, si se karannsenk moun inonsan sèlman ou jwenn, èske ou pral detwi tout lavil la paske manke senk pou fè senkant lan? Seyè a reponn. Si mwen jwenn karannsenk inonsan sèlman, mwen p'ap detwi lavil la.
If by chance there are five less than fifty upright men, will you give up all the town to destruction because of these five? And he said, I will not give it to destruction if there are forty-five.
ἐὰν δὲ ἑλαττωθῶσιν οἱ πενήκοντα δίκαιοι πέντε ἀπολεῖς ἕνεκεν τῶν πέντε πᾶσαν τὴν πόλιν καὶ εἶπεν οὐ μὴ ἀπολέσω ἐὰν εὔρω ἐκεῖ τεσσαράκοντα πέντε
- 29 Abraram pale ankò, li di. Ou pa janm konnen, ka gen karant inonsan ase? Seyè a reponn. Si gen karant inonsan, mwen p'ap detwi lavil la.
And again he said to him, By chance there may be forty there. And he said, I will not do it if there are forty.
καὶ προσέθηκεν ἔτι λαλῆσαι πρὸς αὐτὸν καὶ εἶπεν ἐὰν δὲ εὔρεθῶσιν ἐκεῖ τεσσαράκοντα καὶ εἶπεν οὐ μὴ ἀπολέσω ἕνεκεν τῶν τεσσαράκοντα
- 30 Abraram di. Tanpri, Seyè, pa fache sou mwen non. M'ap di ou yon ti mo ankò. Ou pa janm konnen, ou ka jwenn trant inonsan ase nan lavil la. Seyè a reponn. Si mwen jwenn trant, m'ap fè pa lavil la.
And he said, Let not the Lord be angry with me if I say, What if there are thirty there? And he said, I will not do it if there are thirty.
καὶ εἶπεν μὴ τι κύριε ἐὰν λαλήσω ἐὰν δὲ εὔρεθῶσιν ἐκεῖ τριάκοντα καὶ εἶπεν οὐ μὴ ἀπολέσω ἐὰν εὔρω ἐκεῖ τριάκοντα
- 31 Abraram di. Eskize m' wi, Seyè, si m' penmèt mwen pale toujou. Men, sipoze ou jwenn vin inonsan sèlman? Seyè a reponn li. Si mwen jwenn vin inonsan, m'ap fè pa lavil la.
And he said, See now, I have undertaken to put my thoughts before the Lord: what if there are twenty there? And he said, I will have mercy because of the twenty.
καὶ εἶπεν ἐπειδὴ ἔχω λαλῆσαι πρὸς τὸν κύριον ἐὰν δὲ εὔρεθῶσιν ἐκεῖ εἴκοσι καὶ εἶπεν οὐ μὴ ἀπολέσω ἕνεκεν τῶν εἴκοσι
- 32 Abraram di ankò. Tanpri, Seyè, pa fache sou mwen non. M'ap di yon dènve mo. Si ou jwenn dis inonsan ase? Seyè a reponn li. Si mwen jwenn dis inonsan, m'ap fè pa lavil la.
And he said, O let not the Lord be angry and I will say only one word more: by chance there may be ten there. And he said, I will have mercy because of the ten.
καὶ εἶπεν μὴ τι κύριε ἐὰν λαλήσω ἔτι ἅπαξ ἐὰν δὲ εὔρεθῶσιν ἐκεῖ δέκα καὶ εἶπεν οὐ μὴ ἀπολέσω ἕνεκεν τῶν δέκα
- 33 Apre li fin pale ak Abraram, Seyè a al fè wout li. Abraram menm tounen lakay li.
And the Lord went on his way when his talk with Abraham was ended, and Abraham went back to his place.
ἀπῆλθεν δὲ κύριος ὡς ἐπαύσατο λαλῶν τῷ ἀβρααμ καὶ ἀβρααμ ἀπέστρεψεν εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ

- 1 ¶ De zanj Bondye yo rive Sodòm nan aswè. Lòt te chita bò pòtay lavil la. Wè li wè yo, li leve, li al kontre yo. Li bese tèt li jouk atè pou l' di yo bonjou.
And at nightfall the two angels came to Sodom; and Lot was seated at the way into the town: and when he saw them he got up and came before them, falling down on his face to the earth.
ἤλθον δὲ οἱ δύο ἄγγελοι εἰς σοδομα ἐσπέρας λωτ δὲ ἐκάθητο παρὰ τὴν πύλην σοδομων ἰδὼν δὲ λωτ ἐξανέστη εἰς συνάντησιν αὐτοῖς καὶ προσεκύνησεν τῷ προσώπῳ ἐπὶ τὴν γῆν
- 2 Li di. Mesye, mwen la pou m' sèvi nou. Tanpri, vin lakay mwen. n'a ka lave pye nou, n'a pase nwit la la. Denmen maten, n'a leve, n'a reprann wout nou. Mesye yo reponn. Non. Nou pral pase nwit la sou laplas la.
And he said, My masters, come now into your servant's house and take your rest there for the night, and let your feet be washed; and early in the morning you may go on your way. And they said, Not so, but we will take our night's rest in the street.
καὶ εἶπεν ἰδοὺ κύριοι ἐκκλίνατε εἰς τὸν οἶκον τοῦ παιδὸς ὑμῶν καὶ καταλύσατε καὶ νύσασθε τοὺς πόδας ὑμῶν καὶ ὀρθρίζαντες ἀπελεύσεσθε εἰς τὴν ὁδὸν ὑμῶν εἶπαν δὲ οὐχὶ ἀλλ' ἐν τῇ πλατείᾳ καταλύσομεν
- 3 Men Lòt te fòse yo sitèlman, y' al lakay li avè l'. Lòt pare yon bon manje pou yo, li fè pen san ledven. Epi yo manje.
But he made his request more strongly, so they went with him into his house; and he got food ready for them, and made unleavened bread, of which they took.
καὶ κατεβιάζετο αὐτούς καὶ ἐξέκλιαν πρὸς αὐτὸν καὶ εἰσήλθον εἰς τὴν οἰκίαν αὐτοῦ καὶ ἐποίησεν αὐτοῖς πότον καὶ ἄζύμους ἐπεψεν αὐτοῖς καὶ ἔφαγον
- 4 ¶ Yo pa t' ankò kouche, lè mesye lavil Sodòm yo, jenn gason kou vye tonton, sènen kay la. tout gason nan lavil la te kouri vini.
But before they had gone to bed, the men of the town, all the men of Sodom, came round the house, young and old, from every part of the town;
πρὸ τοῦ κοιμηθῆναι καὶ οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως οἱ σοδομίται περιεκύκλωσαν τὴν οἰκίαν ἀπὸ νεανίσκου ἕως πρεσβυτέρου ἅπας ὁ λαὸς ἅμα
- 5 Yo rele Lòt, yo di l' konsa. Kote mesye ki vin pase nwit lakay ou aswè a? Fè yo soti vin jwenn nou pou nou kouche ak yo?
And crying out to Lot, they said, Where are the men who came to your house this night? Send them out to us, so that we may take our pleasure with them.
καὶ ἐξεκαλοῦντο τὸν λωτ καὶ ἔλεγον πρὸς αὐτὸν ποῦ εἰσιν οἱ ἄνδρες οἱ εἰσελθόντες πρὸς σὲ τὴν νύκτα ἐξάγαγε αὐτούς πρὸς ἡμᾶς ἵνα συγγενώμεθα αὐτοῖς
- 6 Lòt soti al jwenn yo nan papòt la. Li fèmen pòt la dèyè do l',
And Lot went out to them in the doorway, shutting the door after him.
ἐξῆλθεν δὲ λωτ πρὸς αὐτούς πρὸς τὸ πρόθυρον τὴν δὲ θύραν προσέφωξεν ὀπίσω αὐτοῦ
- 7 li di yo konsa Tanpri, mezanmi. Pa fè bagay sal sa a.
And he said, My brothers, do not this evil.
εἶπεν δὲ πρὸς αὐτούς μηδαμῶς ἀδελφοί μὴ πονηρέυσηθε
- 8 Gade, mwen gen de pitit fi ki tifi toujou, m'ap mennen yo ban nou. Nou mèt fè sa nou vle avèk yo. Men, pa fè mesye sa yo anyen, paske mwen resewva yo lakay mwen, mwen fèt pou m' pwoteje yo.
See now, I have two unmarried daughters; I will send them out to you so that you may do to them whatever seems good to you: only do nothing to these men, for this is why they have come under the shade of my roof.
εἰσιν δὲ μοι δύο θυγατέρες αἱ οὐκ ἔγνωσαν ἄνδρα ἐξάξω αὐτάς πρὸς ὑμᾶς καὶ χρήσασθε αὐταῖς καθὰ ἂν ἀρέσκη ὑμῖν μόνον εἰς τοὺς ἄνδρας τούτους μὴ ποιήσητε μηδὲν ἄδικον οὐ εἵνεκεν εἰσήλθον ὑπὸ τὴν σκέπην τῶν δοκῶν μου
- 9 Men, yo di. Wete kò ou la. Se moun vini ou ye! Kisa ou ye atò pou ou vin di nou sa pou nou fè. Sispann fè radòt la a, anvan nou pa fè ou pi mal pase yo. Sa ou tande a, yo bourade Lòt, epi yo pwoche pou yo defonse pòt la.
And they said, Give way there. This one man, they said, came here from a strange country, and will he now be our judge? now we will do worse to you than to them; and pushing violently against Lot, they came near to get the door broken in.
εἶπαν δὲ ἀπόστα ἐκεῖ εἷς ἦλθες παροικεῖν μὴ καὶ κρίσιν κρίνεις νῦν οὖν σὲ κακώσομεν μᾶλλον ἢ ἐκείνους καὶ παρεβιάζοντο τὸν ἄνδρα τὸν λωτ σφόδρα καὶ ἤγγισαν συντριῦναι τὴν θύραν
- 10 Men, de mesye yo ki te anndan an lonje men yo, yo rale Lòt antre anndan, epi yo fèmen pòt la.
But the men put out their hands and took Lot into the house to them, shutting the door again.
ἐκτείναντες δὲ οἱ ἄνδρες τὰς χεῖρας εἰσεσπᾶσαντο τὸν λωτ πρὸς ἑαυτούς εἰς τὸν οἶκον καὶ τὴν θύραν τοῦ οἴκου ἀπέκλεισαν
- 11 Lèfini, yo vegle tout mesye ki te devan pòt kay la, depi pi piti a jouk pi gran an. Se konsa mesye yo t'ap vire tounen adwat agoch, yo pa t' kapab jwenn kote pòt kay la te ye.
But the men who were outside the door they made blind, all of them, small and great, so that they were tired out with looking for the door.
τούς δὲ ἄνδρας τοὺς ὄντας ἐπὶ τῆς θύρας τοῦ οἴκου ἐπάταξαν ἄορασίᾳ ἀπὸ μικροῦ ἕως μεγάλου καὶ παρελύθησαν ζητοῦντες τὴν θύραν
- 12 ¶ De mesye yo pale ak Lòt, yo di l' konsa. Ki moun ankò ou gen nan lavil la? Pran bofi ou yo, pitit gason ou yo, ak pitit fi ou yo ansanm ak tout bagay ou gen nan lavil la, mete kò ou deyò.
Then the men said to Lot, Are there any others of your family here? sons-in-law or sons or daughters, take them all out of this place;
εἶπαν δὲ οἱ ἄνδρες πρὸς λωτ ἔστιν τίς σοι ὧδε γαμβροὶ ἢ υἱοὶ ἢ θυγατέρες ἢ εἰ τίς σοι ἄλλος ἔστιν ἐν τῇ πόλει ἐξάγαγε ἐκ τοῦ τόπου τούτου

- 13 Nou pral detwi tout bò isit la. Seyè a te tande tout sa yo t'ap di sou moun lavil sa a. Li voye nou detwi l'.
For we are about to send destruction on this place, because a great outcry against them has come to the ears of the Lord; and the Lord has sent us to put an end to the town.
ὅτι ἀπόλλυμεν ἡμεῖς τὸν τόπον τοῦτον ὅτι ὑψώθη ἡ κραυγὴ αὐτῶν ἐναντίον κυρίου καὶ ἀπέστειλεν ἡμᾶς κύριος ἐκτρίψαι αὐτήν
- 14 Lòt soti, li al jwenn mari pitit fi li yo, li di yo. Leve non, fè vit, ann met deyò. Seyè a pral detwi lavil la. Men bofi li yo te kwè se jwe li t'ap jwe.
And Lot went out and said to his sons-in-law, who were married to his daughters, Come, let us go out of this place, for the Lord is about to send destruction on the town. But his sons-in-law did not take him seriously.
ἐξῆλθεν δὲ λωτ καὶ ἐλάλησεν πρὸς τοὺς γαμβροὺς αὐτοῦ τοὺς εἰληφότας τὰς θυγατέρας αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἀνάστητε καὶ ἐξέλθατε ἐκ τοῦ τόπου τούτου ὅτι ἐκτρίβει κύριος τὴν πόλιν ἔδοξεν δὲ γελοιάζειν ἐναντίον τῶν γαμβρῶν αὐτοῦ
- 15 ¶ Kou jou pral kase, zanj Bondye yo leve Lòt pou l' fè vit. Yo di l'. Fè vit non, monchè! Pran madanm ou ak de pitit fi ou yo, met deyò. Si se pa sa, n'ap mouri tout lè Bondye ap pini lavil la.
And when morning came, the angels did all in their power to make Lot go, saying, Get up quickly and take your wife and your two daughters who are here, and go, for fear that you come to destruction in the punishment of the town.
ἡνίκα δὲ ὄρθρος ἐγένετο ἐπεσποῦδαζον οἱ ἄγγελοι τὸν λωτ λέγοντες ἀναστῆς λαβὲ τὴν γυναῖκά σου καὶ τὰς δύο θυγατέρας σου ὡς ἔχεις καὶ ἐξελθε ἵνα μὴ συναπόλη ταῖς ἀνομίαις τῆς πόλεως
- 16 Lè yo wè Lòt t'ap kalbende, yo pran men li, yo pran men madanm li ansanm ak de pitit fi li yo, yo mennen yo andeyò lavil la, yo lage yo. Yo te fè sa, paske Seyè a te gen pitye pou Lòt.
But while he was waiting, the men took him and his wife and his daughters by the hand, for the Lord had mercy on them, and put them outside the town.
καὶ ἐταράχθησαν καὶ ἐκράτησαν οἱ ἄγγελοι τῆς χειρὸς αὐτοῦ καὶ τῆς χειρὸς τῆς γυναικὸς αὐτοῦ καὶ τῶν χειρῶν τῶν δύο θυγατέρων αὐτοῦ ἐν τῷ φείσασθαι κύριον αὐτοῦ
- 17 Apre zanj yo te fin fè yo soti nan lavil la, yo di l'. Sove poul ou, si ou pa vle mouri. Pa gad deyè. Pa rete menm nan plenn lan. Kouri al nan mòn yo pou ou pa pase tou.
And when they had put them out, he said, Go for your life, without looking back or waiting in the lowland; go quickly to the mountain or you will come to destruction.
καὶ ἐγένετο ἡνίκα ἐξήγαγον αὐτοὺς ἔξω καὶ εἶπαν σφῶον σφῶζε τὴν σεαυτοῦ ψυχὴν μὴ περιβλέψῃς εἰς τὰ ὀπίσω μηδὲ στῆς ἐν πάσῃ τῇ περιχώρῳ εἰς τὸ ὄρος σφῶον μήποτε συμπαραλημφθῆς
- 18 Men, Lòt reponn li. O! Non, Mèt. Tanpri, pa mande m' tout sa.
And Lot said to them, Not so, O my Lord;
εἶπεν δὲ λωτ πρὸς αὐτοὺς δέομαι κύριε
- 19 Gade, ou deja fè m' yon gwo favè. Ou moutre m' jan ou gen pitye anpil pou mwen. Ou sove lavi m'. Men, mòn lan twò lwen. m'a mouri anvan m' rive, malè a va gen tan rive sou mwen.
See now, your servant has had grace in your eyes and great is your mercy in keeping my life from destruction, but I am not able to get as far as the mountain before evil overtakes me and death;
ἐπειδὴ εὗρεν ὁ παῖς σου ἔλεος ἐναντίον σου καὶ ἐμεγάλυνας τὴν δικαιοσύνην σου ὃ ποιεῖς ἐπ' ἐμέ τοῦ ζῆν τὴν ψυχὴν μου ἐγὼ δὲ οὐ δυνήσομαι διασωθῆναι εἰς τὸ ὄρος μὴ καταλάβῃ με τὰ κακὰ καὶ ἀπο θάνω
- 20 Gade: ou wè ti bouk sa a? Li toupre. m'a gen tan rive la pou m' kache kò mwen. Tanpri, kite m' ale la. Ou wè se youn ti kote ki tout piti. Konsa m'a sove lavi m'.
This town, now, is near, and it is a little one: O, let me go there (is it not a little one?) so that my life may be safe.
ἰδοὺ ἡ πόλις αὕτη ἐγγὺς τοῦ καταφυγεῖν με ἐκεῖ ἢ ἐστὶν μικρά ἐκεῖ σωθῆσομαι οὐ μικρά ἐστὶν καὶ ζήσεται ἡ ψυχὴ μου
- 21 Zanj lan di l'. Dakò, Mwen fè ou favè sa a ankò: mwen p'ap detwi ti bouk w'ap pale m' lan.
And he said, See, I have given you your request in this one thing more: I will not send destruction on this town.
καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰδοὺ ἐθαύμασά σου τὸ πρόσωπον καὶ ἐπὶ τῷ ῥήματι τούτῳ τοῦ μὴ καταστρέψαι τὴν πόλιν περὶ ἧς ἐλάλησας
- 22 Kouri vit ale. Mwen p'ap ka fè anyen toutotan ou poko rive la. Se poutèt sa yo rele ti bouk la Zoa.
Go there quickly, for I am not able to do anything till you have come there. For this reason, the town was named Zoar.
σπεῦσον οὖν τοῦ σωθῆναι ἐκεῖ οὐ γὰρ δυνήσομαι ποιῆσαι πρᾶγμα ἕως τοῦ σε εἰσελθεῖν ἐκεῖ διὰ τοῦτο ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα τῆς πόλεως ἐκείνης σηγορ
- 23 Solèy te fèk ap leve lè Lòt rive Zoa.
The sun was up when Lot came to Zoar.
ὁ ἥλιος ἐξῆλθεν ἐπὶ τὴν γῆν καὶ λωτ εἰσῆλθεν εἰς σηγορ
- 24 ¶ Lè sa a, Seyè a fè yon sèl lapli souf ak dife soti nan syèl la tonbe sou Sodòm ak Gomò. Wi, se Seyè a menm ki te fè sa.
Then the Lord sent fire and flaming smoke raining down from heaven on Sodom and Gomorrah.
καὶ κύριος ἔβρεξεν ἐπὶ σοδομα καὶ γομορρα θεῖον καὶ πῦρ παρὰ κυρίου ἐκ τοῦ οὐρανοῦ
- 25 Li detwi de lavil sa yo ak tout plenn lan ansanm ak tout moun ki te rete nan lavil yo ak tout plant ki t'ap pouse nan tè a.
And he sent destruction on those towns, with all the lowland and all the people of those towns and every green thing in the land.
καὶ κατέστρεψεν τὰς πόλεις ταύτας καὶ πᾶσαν τὴν περιούκον καὶ πάντας τοὺς κατοικοῦντας ἐν ταῖς πόλεσιν καὶ πάντα τὰ ἀνατέλλοντα ἐκ τῆς γῆς

- 26 ¶ Men, madan Lòt vire gade dèyè. Lamenn li tounen yon gwo estati sèl.
But Lot's wife, looking back, became a pillar of salt.
καὶ ἐπέβλεψεν ἡ γυνὴ αὐτοῦ εἰς τὰ ὀπίσω καὶ ἐγένετο στήλη ἀλάς
- 27 ¶ Nan granmaten, Abraram leve, li ale kote li te kanpe ap pale ak Seyè a.
And Abraham got up early in the morning and went to the place where he had been talking with the Lord:
ὤρθησεν δὲ αβρααμ τὸ πρωὶ εἰς τὸν τόπον οὗ εἰστήκει ἐναντίον κυρίου
- 28 Li voye je l' bò Sodòm ak Gomò, li wè tout plenn lan. Epi li rete konsa li wè gwo lafimen ap moute soti nan tè a tankou lafimen k'ap leve nan yon gwo founo dife.
And looking in the direction of Sodom and Gomorrah and the lowland, he saw the smoke of the land going up like the smoke of an oven.
καὶ ἐπέβλεψεν ἐπὶ πρόσωπον σοδομων καὶ γομορρας καὶ ἐπὶ πρόσωπον τῆς γῆς τῆς περιχώρου καὶ εἶδεν καὶ ἰδοὺ ἀνέβαιναν φλόξ τῆς γῆς ὡσεὶ ἀτμὶς καμίνου
- 29 Se konsa, lè Bondye t'ap detwi lavil yo nan plenn lan, li chonje Abraram. Li fè Lòt chape anba malè li tapral lage sou lavil kote li te rete a.
So it came about that when God sent destruction on the towns of the lowland, he kept his word to Abraham, and sent Lot safely away when he put an end to the towns where he was living.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἐκτρίψαι κύριον πάσας τὰς πόλεις τῆς περιοίκου ἐμνήσθη ὁ θεὸς τοῦ αβρααμ καὶ ἐξαπέστειλεν τὸν λωτ ἐκ μέσου τῆς καταστροφῆς ἐν τῷ καταστρέψαι κύριον τὰς πόλεις ἐν αἷς κατ' ὄψει ἐν αὐταῖς λωτ
- 30 ¶ Men Lòt te pè rete nan bouk Zoa a. Se konsa, li menm ak de pitit li yo, yo soti Zoa, yo moute, y al rete nan mòn yo. Yo fè kay yo nan yon gwo twou wòch.
Then Lot went up out of Zoar to the mountain, and was living there with his two daughters, for fear kept him from living in Zoar: and he and his daughters made their living-place in a hole in the rock.
ἀνέβη δὲ λωτ ἐκ σηγορ καὶ ἐκάθητο ἐν τῷ ὄρει καὶ αἱ δύο θυγατέρες αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ ἐφοβήθη γὰρ κατοικῆσαι ἐν σηγορ καὶ ἔκτισεν ἐν τῷ σπηλαίῳ αὐτὸς καὶ αἱ δύο θυγατέρες αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ
- 31 Pi gran fi a di pi piti a. Papa nou ap fin granmoun. Pa gen gason nan peyi a pou marye ak nou pou nou ka fè pitit jan sa fèt toupatou.
And the older daughter said to her sister, Our father is old, and there is no man to be a husband to us in the natural way:
εἶπεν δὲ ἡ πρεσβυτέρα πρὸς τὴν νεωτέραν ὁ πατὴρ ἡμῶν πρεσβύτερος καὶ οὐδεὶς ἐστὶν ἐπὶ τῆς γῆς ὃς εἰσελεύσεται πρὸς ἡμᾶς ὡς καθήκει πάση τῇ γῆ
- 32 Vini non. Anou fè papa bwè diven jouk li sou. Apre sa, n'a kouche avè l'. Konsa, n'a fè pitit pou papa nou.
Come, let us give our father much wine, and we will go into his bed, so that we may have offspring by our father,
δεῦρο καὶ ποτίσωμεν τὸν πατέρα ἡμῶν οἶνον καὶ κοιμηθῶμεν μετ' αὐτοῦ καὶ ἐξαναστήσωμεν ἐκ τοῦ πατρὸς ἡμῶν σπέρμα
- 33 Menm jou sa a, lè aswè rive, yo fè papa yo bwè diven jouk li sou. Pi gran fi a kouche ak papa l'. Men, papa a te sitèlman sou, li pa t' konn anyen.
And that night they made their father take much wine; and the older daughter went into his bed; and he had no knowledge of when she went in or when she went away.
ἐπότισαν δὲ τὸν πατέρα αὐτῶν οἶνον ἐν τῇ νυκτὶ ταύτῃ καὶ εἰσελθοῦσα ἡ πρεσβυτέρα ἐκοιμήθη μετὰ τοῦ πατρὸς αὐτῆς τὴν νύκτα ἐκείνην καὶ οὐκ ᾔδει ἐν τῷ κοιμηθῆναι αὐτὴν καὶ ἀναστῆναι
- 34 Nan denmen, pi gran an di pi piti a. Yès wa, mwen te kouche ak papa m'. Aswè a se tout pa ou: N'ap fè l' bwè diven ankò jouk li sou. Epi w'a al kouche avè l', pou nou de nou kapab fè pitit pou papa nou.
And on the day after, the older daughter said to the younger, Last night I was with my father; let us make him take much wine this night again, and do you go to him, so that we may have offspring by our father.
ἐγένετο δὲ τῇ ἐπαύριον καὶ εἶπεν ἡ πρεσβυτέρα πρὸς τὴν νεωτέραν ἰδοὺ ἐκοιμήθην ἐχθὲς μετὰ τοῦ πατρὸς ἡμῶν ποτίσωμεν αὐτὸν οἶνον καὶ τὴν νύκτα ταύτην καὶ εἰσελθοῦσα κοιμήθητι μετ' αὐτοῦ καὶ ἔξαναστήσωμεν ἐκ τοῦ πατρὸς ἡμῶν σπέρμα
- 35 Se konsa, lè aswè rive, yo fè papa a bwè diven ankò jouk li sou. Epi pi piti a kouche avè l'. Men, fwa sa a ankò, Lòt pa t' konnen anyen.
And that night again they made their father take much wine; and the younger daughter went into his bed; and he had no knowledge of when she went in or when she went away.
ἐπότισαν δὲ καὶ ἐν τῇ νυκτὶ ἐκείνῃ τὸν πατέρα αὐτῶν οἶνον καὶ εἰσελθοῦσα ἡ νεωτέρα ἐκοιμήθη μετὰ τοῦ πατρὸς αὐτῆς καὶ οὐκ ᾔδει ἐν τῷ κοιμηθῆναι αὐτὴν καὶ ἀναστῆναι
- 36 Se konsa de pitit fi Lòt yo vin ansent pou papa yo.
And so the two daughters of Lot were with child by their father.
καὶ συνέλαβον αἱ δύο θυγατέρες λωτ ἐκ τοῦ πατρὸς αὐτῶν
- 37 Pi gran an fè yon pitit gason, li rele l' Moab. Se li menm ki zansèt moun Moab yo ki la jouk koulye a.
And the older daughter had a son, and she gave him the name Moab: he is the father of the Moabites to this day.
καὶ ἔτεκεν ἡ πρεσβυτέρα υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ μοαβ λέγουσα ἐκ τοῦ πατρὸς μου οὗτος πατὴρ μοαβιτῶν ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας
- 38 Pi piti a tout fè yon pitit gason. Li rele l' Bennami. Se li menm ki zansèt moun Amon yo ki la jouk jòdi a.
And the younger had a son and gave him the name Ben-ammi: from him come the children of Ammon to this day.
ἔτεκεν δὲ καὶ ἡ νεωτέρα υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ αμμιν υἱὸς τοῦ γένους μου οὗτος πατὴρ αμμανιτῶν ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας

- 1 ¶ Abraram kite Mannre, li pati, li ale Negèn, li rete ant Kadès ak Chour kote li mouste kay li. Pandan tout tan li t'ap viv nan peyi Gera a, **And Abraham went on his way from there to the land of the South, and was living between Kadesh and Shur, in Gerar.**
καὶ ἐκίνησεν ἐκεῖθεν ἀβραὰμ εἰς γῆν πρὸς λίβα καὶ ὤκησεν ἀνὰ μέσον καδης καὶ ἀνὰ μέσον σουρ καὶ παρῴκησεν ἐν γεραροις
- 2 li t'ap di se sè li Sara te ye. Se konsa, Abimelèk, wa peyi Gera a, fè yo mennen Sara ba li. **And Abraham said of Sarah, his wife, She is my sister: and Abimelech, king of Gerar, sent and took Sarah.**
εἶπεν δὲ ἀβραὰμ περὶ σαρρας τῆς γυναίκος αὐτοῦ ὅτι ἀδελφή μου ἐστὶν ἐφοβήθη γὰρ εἰπεῖν ὅτι γυνή μου ἐστὶν μήποτε ἀποκτείνωσιν αὐτὸν οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως δι' αὐτήν ἀπέστειλεν δὲ ἀβιμελεχ βασιλεὺς γεραρον καὶ ἔλαβεν τὴν σαρραν
- 3 ¶ Men pandan lannwit, Abimelèk fè yon rèv, li wè Bondye parèt devan li. Bondye di l'. Gade non, monchè. Ou pral mouri tande, paske Sara se yon madan marye. **But God came to Abimelech in a dream in the night, and said to him, Truly you are a dead man because of the woman whom you have taken; for she is a man's wife.**
καὶ εἰσηλθεν ὁ θεὸς πρὸς ἀβιμελεχ ἐν ὕπνῳ τὴν νύκτα καὶ εἶπεν ἰδοὺ σὺ ἀποθνήσκεις περὶ τῆς γυναίκος ἧς ἔλαβες αὐτή δὲ ἐστὶν συνηκικυῖα ἀνδρὶ
- 4 Men, Abimelèk pa t' gen tan kouche avè Sara. Li di. Mèt, èske w'ap kite yon pèp inonsan peri? **Now Abimelech had not come near her; and he said, Lord, will you put to death an upright nation?**
ἀβιμελεχ δὲ οὐχ ἦψατο αὐτῆς καὶ εἶπεν κύριε ἔθνος ἀγνοοῦν καὶ δίκαιον ἀπολεῖς
- 5 Se Abraram ki di m' se sè li Sara ye. Sara pou tèt pa l' di m' se frè li Abraram ye. Mwen fè sa m' fè a san ankenn move lide. Mwen konnen mwen pa fè anyen ki mal. **Did he not say to me himself, She is my sister? and she herself said, He is my brother: with an upright heart and clean hands have I done this.**
οὐκ αὐτός μοι εἶπεν ἀδελφή μου ἐστὶν καὶ αὐτή μοι εἶπεν ἀδελφός μου ἐστὶν ἐν καθαρᾷ καρδίᾳ καὶ ἐν δικαιοσύνῃ χειρῶν ἐποίησα τοῦτο
- 6 Bondye reponn li nan rèv la. Wi. Mwen konnen ou fè sa ou fè a san ankenn move lide dèyè tèt ou. Se poutèt sa mwen pa kite ou fè peche sa a kont mwen. Mwen pa kite ou fè madanm lan anyen. **And God said to him in the dream, I see that you have done this with an upright heart, and I have kept you from sinning against me: for this reason I did not let you come near her.**
εἶπεν δὲ αὐτῷ ὁ θεὸς καθ' ὕπνον κἀγὼ ἔγνων ὅτι ἐν καθαρᾷ καρδίᾳ ἐποίησας τοῦτο καὶ ἐφεισάμην ἐγὼ σου τοῦ μὴ ἁμαρτεῖν σε εἰς ἐμέ ἕνεκεν τούτου οὐκ ἀφήκά σε ἁμασθαί αὐτῆς
- 7 Men sa pou ou fè: renmèt nonm lan madanm li. Se yon pwofèt Bondye li ye. La lapriyè pou ou pou ou pa mouri. Men, si ou pa renmèt li, mwen tout di ou nou pral mouri, ou menm ansanm ak tout fanmi ou. **So now, give the man back his wife, for he is a prophet, and let him say a prayer for you, so your life may be safe: but if you do not give her back, be certain that death will come to you and all your house.**
νῦν δὲ ἀπόδος τὴν γυναῖκα τῷ ἀνθρώπῳ ὅτι προφήτης ἐστὶν καὶ προσεύξεται περὶ σοῦ καὶ ζήσῃ εἰ δὲ μὴ ἀποδίδως γνώθι ὅτι ἀποθανῇ σὺ καὶ πάντα τὰ σά
- 8 ¶ Nan maten, bonè bonè, Abimelèk rele tout domestik li yo, li rakonte yo tout bagay. Yo tout yo te pè anpil. **So Abimelech got up early in the morning and sent for all his servants and gave them word of these things, and they were full of fear.**
καὶ ὄρθρισεν ἀβιμελεχ τὸ πρωὶ καὶ ἐκάλεσεν πάντας τοὺς παῖδας αὐτοῦ καὶ ἐλάλησεν πάντα τὰ ῥήματα ταῦτα εἰς τὰ ὦτα αὐτῶν ἐφοβήθησαν δὲ πάντες οἱ ἄνθρωποι σφόδρα
- 9 Lèfini, Abimelèk rele Abraram, li di l'. Kisa ou fè nou konsa? Kisa m' fè ou pou ou ta lakòz yon gwo malè konsa tonbe sou mwen ak sou peyi a? Sa ou fè nou la a, se bagay moun pa gen dwa fè. **Then Abimelech sent for Abraham, and said, What have you done to us? what wrong have I done you that you have put on me and on my kingdom so great a sin? You have done to me things which are not to be done.**
καὶ ἐκάλεσεν ἀβιμελεχ τὸν ἀβραὰμ καὶ εἶπεν αὐτῷ τί τοῦτο ἐποίησας ἡμῖν μή τι ἡμάρτομεν εἰς σέ ὅτι ἐπήγαγες ἐπ' ἐμέ καὶ ἐπὶ τὴν βασιλείαν μου ἁμαρτίαν μεγάλην ἔργον ὃ οὐδεὶς ποιήσει πεποιήκας μοι
- 10 Abimelèk di Abraram ankò. Poukisa ou fè sa ou fè a? **And Abimelech said to Abraham, Why did you do this thing?**
εἶπεν δὲ ἀβιμελεχ τῷ ἀβραὰμ τί ἐνιδὼν ἐποίησας τοῦτο
- 11 Abraram reponn li. Mwen te di nan kè m' pa gen moun ki gen krentif pou Bondye bò isit la. Mwen tè kwè yo ta ka touye m' poutèt madanm mwen. **And Abraham said, Because it seemed to me that there was no fear of God in this place, and that they might put me to death because of my wife.**
εἶπεν δὲ ἀβραὰμ εἶπα γάρ ἄρα οὐκ ἐστὶν θεοσέβεια ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ ἐμέ τε ἀποκτενοῦσιν ἕνεκεν τῆς γυναίκος μου
- 12 Men, se vre wi, se sè m' li ye. Nou menm papa, men nou pa menm manman. Epi se madanm mwen li ye tou. **And, in fact, she is my sister, the daughter of my father, but not the daughter of my mother; and she became my wife:**
καὶ γὰρ ἀληθῶς ἀδελφή μου ἐστὶν ἐκ πατρὸς ἀλλ' οὐκ ἐκ μητρὸς ἐγενήθη δὲ μοι εἰς γυναῖκα

- 13 Se konsa, lè Bondye fè m' kite lakay papa m' pou m' al nan peyi etranje yo, mwen di Sara: m'ap mande ou pou rann mwen yon sèvis? Si ou renmen m' vre, tanpri, kote ou pase, se pou di se frè ou mwen ye.
And when God sent me wandering from my father's house, I said to her, Let this be the sign of your love for me; wherever we go, say of me, He is my brother.
 ἐγένετο δὲ ἡνίκα ἐξήγαγέν με ὁ θεὸς ἐκ τοῦ οἴκου τοῦ πατρὸς μου καὶ εἶπα αὐτῇ ταύτην τὴν δικαιοσύνην ποιήσεις ἐπ' ἐμέ εἰς πάντα τόπον οὗ ἔν ἐν εἰσέλθωμεν ἐκεῖ εἰπὼν ἐμὲ ὅτι ἀδελφός μου ἐστίν
- 14 ¶ Lè sa a, Abimelèk renmèt Sara bay Abraram. Anmenmtan li ba li mouton, bèf ak domestik, fanm kou gason, pou sèvi l'.
 Then Abimelech gave to Abraham sheep and oxen and men-servants and women-servants, and gave him back his wife Sarah.
 ἔλαβεν δὲ ἀβιμελεχ χίλια δίδραγμα πρόβατα καὶ μόσχους καὶ παῖδας καὶ παιδίσκας καὶ ἔδωκεν τῷ ἀβρααμ καὶ ἀπέδωκεν αὐτῷ σαρραν τὴν γυναῖκα αὐτοῦ
- 15 Li di Abraram. Gade! tout peyi m' lan devan ou. Rete kote ki fè ou plezi.
 And Abimelech said, See, all my land is before you; take whatever place seems good to you.
 καὶ εἶπεν ἀβιμελεχ τῷ ἀβρααμ ἰδοὺ ἡ γῆ μου ἐναντίον σου οὗ ἂν σοι ἀρέσκη κατοίκει
- 16 Epi li di Sara. Mwen bay frè ou la mil (1.000) pyès lajan. Se pou sa ka fè moun ki la avè ou yo bliye sak te rive ou. Konsa, tout moun va konnen ou pa t' fè anyen ki mal.
 And he said to Sarah, See, I have given to your brother a thousand bits of silver so that your wrong may be put right; now your honour is clear in the eyes of all.
 τῇ δὲ σαρρα εἶπεν ἰδοὺ δέδωκα χίλια δίδραγμα τῷ ἀδελφῷ σου ταῦτα ἔσται σοι εἰς τιμὴν τοῦ προσώπου σου καὶ πάσαις ταῖς μετὰ σοῦ καὶ πάντα ἀλήθευσον
- 17 -
 Then Abraham made prayer to God, and God made Abimelech well again, and his wife and his women-servants, so that they had children.
 προσήύξατο δὲ ἀβρααμ πρὸς τὸν θεόν καὶ ἰάσατο ὁ θεὸς τὸν ἀβιμελεχ καὶ τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ τὰς παιδίσκας αὐτοῦ καὶ ἔτεκεν
- 18 Poutèt sa ki te rive Sara, madanm Abraram lan, Seyè a te fè tout fanm lakay Abimelèk pa t' kapab fè pitit. Abraram lapriyè pou Abimelèk, epi Bondye geri li. Bondye geri madanm li tout ansanm ak medam k'ap travay lakay li pou yo kapab fè pitit ankò.
 For the Lord had kept all the women of the house of Abimelech from having children, because of Sarah, Abraham's wife.
 ὅτι συγκλείων συνέκλεισεν κύριος ἕξωθεν πᾶσαν μήτραν ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ ἀβιμελεχ ἕνεκεν σαρρας τῆς γυναικὸς ἀβρααμ
- 1 ¶ Seyè a fè Sara favè, jan l' te di l' la. Li fè sa l' te pwomèt li a rive vre.
 And the Lord came to Sarah as he had said and did to her as he had undertaken.
 καὶ κύριος ἐπεσκέψατο τὴν σαρραν καθὰ εἶπεν καὶ ἐποίησεν κύριος τῇ σαρρα καθὰ ἐλάλησεν
- 2 Sara vin ansent. Atout li te fin vye granmoun lan, li fè yon pitit gason pou Abraram, nan dat Bondye te di l' la.
 And Sarah became with child, and gave Abraham a son when he was old, at the time named by God.
 καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν σαρρα τῷ ἀβρααμ υἱὸν εἰς τὸ γῆρας εἰς τὸν καιρὸν καθὰ ἐλάλησεν αὐτῷ κύριος
- 3 Abraram rele pitit gason Sara te fè pou li a Izarak.
 And Abraham gave to his son, to whom Sarah had given birth, the name Isaac.
 καὶ ἐκάλεσεν ἀβρααμ τὸ ὄνομα τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ τοῦ γενομένου αὐτῷ ὃν ἔτεκεν αὐτῷ σαρρα ἰσαακ
- 4 Ti gason an te gen wit jou lè Abraram sikonsi l', jan Bondye te ba li lòd la.
 And when his son Isaac was eight days old, Abraham made him undergo circumcision, as God had said to him.
 περιέτεμεν δὲ ἀβρααμ τὸν ἰσαακ τῇ ὀγδόῃ ἡμέρᾳ καθὰ ἐνετείλατο αὐτῷ ὁ θεός
- 5 Abraram te gen santan sou tèt li lè Izarak, pitit li a, te fèt.
 Now Abraham was a hundred years old when the birth of Isaac took place.
 ἀβρααμ δὲ ἦν ἑκατὸν ἐτῶν ἡνίκα ἐγένετο αὐτῷ ἰσαακ ὁ υἱὸς αὐτοῦ
- 6 Sara di konsa. Bondye fè m' bagay ki fè m' ri. tout moun ki tande sa pral ri avè m' tou.
 And Sarah said, God has given me cause for laughing, and everyone who has news of it will be laughing with me.
 εἶπεν δὲ σαρρα γέλωτά μοι ἐποίησεν κύριος ὅς γάρ ἂν ἀκούσῃ συγχαρεῖται μοι
- 7 Apre sa, li di ankò: -Ki moun ki ta di Abraram yon jou Sara gen pou bay timoun tete? Men, atout li fin vye a, mwen fè yon pitit gason pou li.
 And she said, Who would have said to Abraham that Sarah would have a child at her breast? for see, I have given him a son now when he is old.
 καὶ εἶπεν τίς ἀναγγελεῖ τῷ ἀβρααμ ὅτι θηλάζει παιδίον σαρρα ὅτι ἔτεκεν υἱὸν ἐν τῷ γήρει μου

- 8 Ti gason an grandi, li sevre. Jou yo sevre l' la, Abraram fè yon gwo fèt.
And when the child was old enough to be taken from the breast, Abraham made a great feast.
 και ηύξήθη τὸ παιδίον καὶ ἀπεγαλακτίσθη καὶ ἐποίησεν αβρααμ δοχὴν μεγάλην ἢ ἡμέρα ἀπεγαλακτίσθη ἰσαακ ὁ υἱὸς αὐτοῦ
- 9 ¶ Yon jou Izmayèl, pitit Aga, fanm peyi Lejip la te fè pou Abraram lan t'ap jwe ak Izarak, pitit Sara a. Sara wè sa.
And Sarah saw the son of Hagar the Egyptian playing with Isaac.
 ἰδοῦσα δὲ σαρρα τὸν υἱὸν ἀγαρ τῆς αἰγυπτίας ὡς ἐγένετο τῷ αβρααμ παίζοντα μετὰ ἰσαακ τοῦ υἱοῦ αὐτῆς
- 10 Li di Abraram konsa: -Mete sèvant la deyò ansanm ak tout pitit li a, paske pitit sèvant sa a pa gen dwa eritye ak Izarak, pitit mwen an.
So she said to Abraham, Send away that woman and her son: for the son of that woman is not to have a part in the heritage with my son Isaac.
 και εἶπεν τῷ αβρααμ ἔκβαλε τὴν παιδίσκην ταύτην καὶ τὸν υἱὸν αὐτῆς οὐ γὰρ κληρονομήσει ὁ υἱὸς τῆς παιδίσκης ταύτης μετὰ τοῦ υἱοῦ μου ἰσαακ
- 11 Pawòl sa a te fè Abraram lapenn anpil, paske Izmayèl te pitit li tou.
And this was a great grief to Abraham because of his son.
 σκληρὸν δὲ ἐφάνη τὸ ῥῆμα σφόδρα ἐναντίον αβρααμ περὶ τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ
- 12 Men, Bondye di Abraram konsa-Ou pa bezwen pran lapenn pou ti gason an ak pou Aga, sèvant ou a. Ou mèt fè tout sa Sara di ou fè a, paske se Izarak ki pral ba ou pitit pitit mwen pwomèt ou yo.
But God said, Let it not be a grief to you because of the boy and Hagar his mother; give ear to whatever Sarah says to you, because it is from Isaac that your seed will take its name.
 εἶπεν δὲ ὁ θεὸς τῷ αβρααμ μὴ σκληρὸν ἔστω τὸ ῥῆμα ἐναντίον σου περὶ τοῦ παιδίου καὶ περὶ τῆς παιδίσκης πάντα ὅσα ἐὰν εἴπῃ σοι σαρρα ἄκουε τῆς φωνῆς αὐτῆς ὅτι ἐν ἰσαακ κληθήσεται σοι σπέρμα
- 13 M'ap bay pitit sèvant lan anpil pitit pitit. M'ap fè l' tounen yon nasyon, paske se pitit ou li ye tou.
And I will make a nation of the son of your servant-woman, because he is your seed.
 και τὸν υἱὸν δὲ τῆς παιδίσκης ταύτης εἰς ἔθνος μέγα ποιήσω αὐτόν ὅτι σπέρμα σόν ἐστιν
- 14 ¶ Nan denmen Abraram leve bonè, li pran pen ak yon sak an po bèt plen dlo, li bay Aga. Li ede l' mete yo sou tèt li. Li ba li pitit la, li fè l' ale kite kay la. Aga pati, li mache, li mache, jouk li pèdi nan dezè Bècheba a.
And early in the morning Abraham got up, and gave Hagar some bread and a water-skin, and put the boy on her back, and sent her away: and she went, wandering in the waste land of Beer-sheba.
 ἀνέστη δὲ αβρααμ τὸ πρωὶ καὶ ἔλαβεν ἄρτους καὶ ἀσκὸν ὕδατος καὶ ἔδωκεν ἀγαρ καὶ ἐπέθηκεν ἐπὶ τὸν ὄμον καὶ τὸ παιδίον καὶ ἀπέστειλεν αὐτὴν ἀπελθοῦσα δὲ ἐπλανάτο τὴν ἔρημον κατὰ τὸ φρέαρ τὸ ὄρκου
- 15 Lè dlo nan sak la fini, li kite pitit la anba yon touf raje.
And when all the water in the skin was used up, she put the child down under a tree.
 ἐξέλιπεν δὲ τὸ ὕδωρ ἐκ τοῦ ἀσκοῦ καὶ ἔρριψεν τὸ παιδίον ὑποκάτω μιᾶς ἐλάτης
- 16 li ale, li chita pi devan, yon bon ti distans, li di nan kè l' -Mwen pa ka rete ap gade pitit mwen an ap mouri konsa. Pandan li chita konsa, pitit la pran rele.
And she went some distance away, about an arrow flight, and seating herself on the earth, she gave way to bitter weeping, saying, Let me not see the death of my child.
 ἀπελθοῦσα δὲ ἐκάθητο ἀπέναντι αὐτοῦ μακρόθεν ὥσει τόξου βολὴν εἶπεν γάρ οὐ μὴ ἴδω τὸν θάνατον τοῦ παιδίου μου καὶ ἐκάθισεν ἀπέναντι αὐτοῦ ἀναβοῆσαν δὲ τὸ παιδίον ἔκλαυσεν
- 17 Bondye tande rèl pitit la. Zanj Bondye a rete nan syèl la, li pale ak Aga, li di l' konsa-Sa ou genyen, Aga? Ou pa bezwen pè. Kote Bondye ye a, li tande rèl ti pitit la.
And the boy's cry came to the ears of God; and the angel of God said to Hagar from heaven, Hagar, why are you weeping? have no fear, for the child's cry has come to the ears of God.
 εἰσήκουσεν δὲ ὁ θεὸς τῆς φωνῆς τοῦ παιδίου ἐκ τοῦ τόπου οὗ ἦν καὶ ἐκάλεσεν ἄγγελος τοῦ θεοῦ τὴν ἀγαρ ἐκ τοῦ οὐρανοῦ καὶ εἶπεν αὐτῇ τί ἐστὶν ἀγαρ μὴ φοβοῦ ἐπακήκουεν γὰρ ὁ θεὸς τῆς φωνῆς τοῦ παιδίου σου ἐκ τοῦ τόπου οὗ ἐστὶν
- 18 Leve non, pran ti pitit la, kenbe l'. M'ap fè pitit pitit li yo tounen yon gwo nasyon.
Come, take your child in your arms, for I will make of him a great nation.
 ἀνάστηθι λαβὲ τὸ παιδίον καὶ κράτησον τῇ χειρὶ σου αὐτό εἰς γὰρ ἔθνος μέγα ποιήσω αὐτόν
- 19 Bondye louvri je Aga. Aga wè yon pi. li ale, li plen sak an po a dlo. Li bay ti pitit la bwè dlo kont kò l'.
Then God made her eyes open, and she saw a water-spring, and she got water in the skin and gave the boy a drink.
 και ἀνέφωξεν ὁ θεὸς τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτῆς καὶ εἶδεν φρέαρ ὕδατος ζῶντος καὶ ἐπορεύθη καὶ ἔπλησεν τὸν ἀσκὸν ὕδατος καὶ ἐπότισεν τὸ παιδίον
- 20 Bondye te avèk ti pitit la. Li grandi, li rete nan dezè a. Li te rive konn tire flèch nan banza ak anpil ladrès.
And God was with the boy, and he became tall and strong, and he became a bowman, living in the waste land.
 και ἦν ὁ θεὸς μετὰ τοῦ παιδίου καὶ ηύξήθη καὶ κατόκησεν ἐν τῇ ἐρήμῳ ἐγένετο δὲ τοξότης

- 21 Se nan dezè Paran li te rete. Manman l' te chwazi yon madanm pou li nan jenn fi peyi Lejip yo.
 And while he was in the waste land of Paran, his mother got him a wife from the land of Egypt.
 καὶ κατώκησεν ἐν τῇ ἐρήμῳ τῇ φαραν καὶ ἔλαβεν αὐτῷ ἡ μήτηρ γυναῖκα ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 22 ¶ Lè sa a, Abimelèk ale ansanm avèk Pikòl, kòmandan lame li a, li pale ak Abraram. Li di l' konsa-Bondye avè ou nan tout sa w'ap fè.
 Now at that time, Abimelech and Phicol, the captain of his army, said to Abraham, I see that God is with you in all you do.
 ἐγένετο δὲ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ καὶ εἶπεν ἀβιμελεχ καὶ οὐχοῦσθ ὁ νυμφαγωγὸς αὐτοῦ καὶ φικολ ὁ ἀρχιστράτηγος τῆς δυνάμεως αὐτοῦ πρὸς ἀβρααμ λέγων ὁ θεὸς μετὰ σοῦ ἐν πᾶσιν οἷς ἐὰν ποιῆς
- 23 Koulye a, fè sèman, isit la menm, devan Bondye, ou p'ap janm twonpe ni mwen menm, ni pitit mwen yo, ni pitit pitit mwen yo. Mwen te aji byen avè ou. Pwomèt w'ap aji byen avè m' tou, epi w'ap sèvi byen ak tout moun nan peyi kote ou rete a.
 Now, then, give me your oath, in the name of God, that you will not be false to me or to my sons after me, but that as I have been good to you, so you will be to me and to this land where you have been living.
 νῦν οὖν ὁμοσόν μοι τὸν θεὸν μὴ ἀδικήσῃς με μηδὲ τὸ σπέρμα μου μηδὲ τὸ ὄνομά μου ἀλλὰ κατὰ τὴν δικαιοσύνην ἣν ἐποίησα μετὰ σοῦ ποιήσεις μετ' ἐμοῦ καὶ τῇ γῇ ἣ σὺ παρώκησας ἐν αὐτῇ
- 24 Abraram reponn. -M' fè sèman.
 And Abraham said, I will give you my oath.
 καὶ εἶπεν ἀβρααμ ἐγὼ ὁμοῦμαι
- 25 Men Abraram te fè Abimelèk repwòch pou yon pi li domestik Abimelèk yo te pran pa fòs.
 But Abraham made a protest to Abimelech because of a water-hole which Abimelech's servants had taken by force.
 καὶ ἤλεγξεν ἀβρααμ τὸν ἀβιμελεχ περὶ τῶν φρεάτων τοῦ ὕδατος ὧν ἀφείλαντο οἱ παῖδες τοῦ ἀβιμελεχ
- 26 Abimelèk di l' -Mwen pa konnen ki moun ki fè sa. Ni tou, ou pa t' janm di m' anyen sou sa. Se koulye a m'ap tandè koze a.
 But Abimelech said, I have no idea who has done this thing; you never gave me word of it, and I had no knowledge of it till this day.
 καὶ εἶπεν αὐτῷ ἀβιμελεχ οὐκ ἔγνων τίς ἐποίησεν τὸ πρᾶγμα τοῦτο οὐδὲ σύ μοι ἀπήγγειλας οὐδὲ ἐγὼ ἤκουσα ἀλλ' ἦ σήμερον
- 27 Abraram pran kèk mouton ak kèk bèf li bay Abimelèk. Konsa, yo pase kontra yonn ak lòt.
 And Abraham took sheep and oxen and gave them to Abimelech, and the two of them made an agreement together.
 καὶ ἔλαβεν ἀβρααμ πρόβατα καὶ μόσχους καὶ ἔδωκεν τῷ ἀβιμελεχ καὶ διέθεντο ἀμφοτέροι διαθήκην
- 28 Abraram pran sèt mouton nan bann mouton l' yo, li mete yo sou kote.
 And Abraham put seven young lambs of the flock on one side by themselves.
 καὶ ἔστησεν ἀβρααμ ἑπτὰ ἀμνάδας προβάτων μόνας
- 29 Abimelèk mande l' -Poukisa ou mete sèt mouton sa yo sou kote.
 Then Abimelech said, What are these seven lambs which you have put on one side?
 καὶ εἶπεν ἀβιμελεχ τῷ ἀβρααμ τί εἰσιν αἱ ἑπτὰ ἀμνάδες τῶν προβάτων τούτων ἃς ἔστησας μόνας
- 30 Abraram reponn li-Asepte sèt mouton sa yo. Si ou asepte yo, sa vle di ou rekonèt devan tout moun se mwen menm ki te fouye pi a.
 And he said, Take these seven lambs from me as a witness that I have made this water-hole.
 καὶ εἶπεν ἀβρααμ ὅτι τὰς ἑπτὰ ἀμνάδας ταύτας λήμψη παρ' ἐμοῦ ἵνα ὦσιν μοι εἰς μαρτύριον ὅτι ἐγὼ ὄρυξα τὸ φρέαρ τοῦτο
- 31 Se poutèt sa yo rele anplasman an Bècheba, paske se la menm yo te sèman yonn bay lòt.
 So he gave that place the name Beer-sheba, because there the two of them had given their oaths.
 διὰ τοῦτο ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα τοῦ τόπου ἐκείνου φρέαρ ὀρκισμοῦ ὅτι ἐκεῖ ὅμοσαν ἀμφοτέροι
- 32 Se Bècheba yo te pase kontra yonn ak lòt. Apre sa, Abimelèk leve, li tounen nan peyi moun Filisti yo, ansanm ak Pikòl, kòmandan lame li a.
 So they made an agreement at Beer-sheba, and Abimelech and Phicol, the captain of his army, went back to the land of the Philistines.
 καὶ διέθεντο διαθήκην ἐν τῷ φρέατι τοῦ ὄρκου ἀνέστη δὲ ἀβιμελεχ καὶ οὐχοῦσθ ὁ νυμφαγωγὸς αὐτοῦ καὶ φικολ ὁ ἀρχιστράτηγος τῆς δυνάμεως αὐτοῦ καὶ ἐπέστρεψαν εἰς τὴν γῆν τῶν φυλιστιμ
- 33 ¶ Se la Bècheba Abraram plante yon pye tonmaren. Lèfini li fè sèvis pou Seyè a, Bondye ki la pou tout tan an.
 And Abraham, after planting a holy tree in Beer-sheba, gave worship to the name of the Lord, the Eternal God.
 καὶ ἐφύτευσεν ἀβρααμ ἄρουραν ἐπὶ τῷ φρέατι τοῦ ὄρκου καὶ ἐπεκαλέσατο ἐκεῖ τὸ ὄνομα κυρίου θεοῦ αἰώνιος

- 34 Apre sa, Abraram rete kèk lanne ankò nan peyi Filisti a.
And Abraham went on living in the land of the Philistines as in a strange country.
παρώκησεν δὲ αβρααμ ἐν τῇ γῆ τῶν φυλιστιμῶν ἡμέρας πολλὰς
- 1 ¶ Apre tout bagay sa yo, Bondye sonde Abraram pou wè sou ki pye li ye avè l'. Bondye rele l' -Abraram! Abraram! Abraram reponn-Men mwen wi!
Now after these things, God put Abraham to the test, and said to him, Abraham; and he said, Here am I.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὰ ῥήματα ταῦτα ὁ θεὸς ἐπείραζεν τὸν αβρααμ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν αβρααμ αβρααμ ὁ δὲ εἶπεν ἰδοὺ ἐγώ
- 2 Bondye di l': -Pran Izarak, pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an, pitit ou renmen anpil la. Ale nan peyi Morija, w'a moute sou tèt mòn mwen pral moutre ou la. Lè w'a rive la, w'a touye l'. Apre sa, w'a boule l' nèt pou mwen.
And he said to him, Take your son, your dearly loved only son Isaac, and go to the land of Moriah and give him as a burned offering on one of the mountains of which I will give you knowledge.
καὶ εἶπεν λαβὲ τὸν υἱὸν σου τὸν ἀγαπητὸν ὃν ἠγάπησας τὸν ἰσαακ καὶ πορεύθητι εἰς τὴν γῆν τὴν ὑψηλὴν καὶ ἀνένεγκον αὐτὸν ἐκεῖ εἰς ὀλοκάρπωσιν ἐφ' ἑν τῶν ὀρέων ὧν ἄν σοι εἶπω
- 3 ¶ Nan denmen maten, bonè bonè, Abraram leve, li sele bourik li, li pran Izarak ansanm ak de nan domestik li yo. Li fann kèk moso bwa pou l' fè dife pou boule vyann bèt l'ap ofri a. Epi li pati nan direksyon kote Bondye te di l' la.
And Abraham got up early in the morning, and made ready his ass, and took with him two of his young men and Isaac, his son, and after the wood for the burned offering had been cut, he went on his way to the place of which God had given him word.
ἀναστὰς δὲ αβρααμ τὸ πρωὶ ἐπέσασεν τὴν ὄνον αὐτοῦ παρέλαβεν δὲ μεθ' ἑαυτοῦ δύο παῖδας καὶ ἰσαακ τὸν υἱὸν αὐτοῦ καὶ σχίσας ξύλα εἰς ὀλοκάρπωσιν ἀναστὰς ἐπορεύθη καὶ ἦλθεν ἐπὶ τὸν τόπον ὃν εἶπεν αὐτῷ ὁ θεός
- 4 Sou twa jou, Abraram gade, li wè kote a yon bon ti bout devan l'.
And on the third day, Abraham, lifting up his eyes, saw the place a long way off.
τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ καὶ ἀναβλέψας αβρααμ τοῖς ὀφθαλμοῖς εἶδεν τὸν τόπον μακρόθεν
- 5 Abraram di domestik li yo. -Nou menm, mesye, rete isit la ak bourik la. Mwen menm ak ti gason an, nou pral jouk lòt bò a, pou nou fè sèvis pou Bondye. Apre sa, n'a tounen vin jwenn nou.
Then he said to his young men, Keep here with the ass; and I and the boy will go on and give worship and come back again to you.
καὶ εἶπεν αβρααμ τοῖς παισὶν αὐτοῦ καθίσατε αὐτοῦ μετὰ τῆς ὄνου ἐγὼ δὲ καὶ τὸ παιδάριον διελευσόμεθα ἕως ὧδε καὶ προσκυνήσαντες ἀναστρέψομεν πρὸς ὑμᾶς
- 6 Abraram pran bwa pou fè dife a, li bay Izarak pote li. Li menm, li pote bagay pou limen dife a ansanm ak yon kouto nan men l'. Yo tout de pati ansanm.
And Abraham put the wood for the burned offering on his son's back, and he himself took the fire and the knife in his hand, and the two of them went on together.
ἔλαβεν δὲ αβρααμ τὰ ξύλα τῆς ὀλοκαρπώσεως καὶ ἐπέθηκεν ἰσαακ τῷ υἱῷ αὐτοῦ ἔλαβεν δὲ καὶ τὸ πῦρ μετὰ χεῖρα καὶ τὴν μάχαιραν καὶ ἐπορεύθησαν οἱ δύο ἅμα
- 32 Ezaou reponn: -Dakò. Mwen pral mouri. Kisa dwa kòm premye pitit la ap sèvi m'? And Esau said, Truly, I am at the point of death: what profit is the birthright to me? εἶπεν δὲ ἦσαν ἰδοὺ ἐγὼ πορεύομαι τελευτᾶν καὶ ἵνα τί μοι ταῦτα τὰ πρωτοτόκια
- 33 Jakòb di li: -Fè m' sèman anvan. Ezaou fè sèman ba li, li vann li dwa l' kòm premye pitit. And Jacob said, First of all give me your oath; and he gave him his oath, handing over his birthright to Jacob. καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰακωβ ὁμοσόν μοι σήμερον καὶ ὠμοσεν αὐτῷ ἀπέδοτο δὲ ἦσαν τὰ πρωτοτόκια τῷ ἰακωβ

- 34 Lèfini, Jakòb ba li pen ak ti gout nan bouyon pwa a. Ezaou manje, li bwè. Li leve, li pati. Konsa, Ezaou te konsidere dwa li kòm premye pitit pou anyen.
Then Jacob gave him bread and soup; and he took food and drink and went away, caring little for his birthright.
ιακοβ δὲ ἔδωκεν τῷ ἡσαν ἄρτον καὶ ἔψευμα φακοῦ καὶ ἔφαγεν καὶ ἔπιεν καὶ ἀναστὰς ὄχρετο καὶ ἐφαύλισεν ἡσαν τὰ πρωτοτόκια
- 1 ¶ Te vin gen yon lòt grangou nan peyi a, pi rèd pase sa ki te tonbe sou peyi a nan tan Abraram lan. Lè sa a, Izarak ale yon kote yo rele Gera kay Abimelèk, wa moun Filisti yo.
Then came a time of great need in the land, like that which had been before in the days of Abraham. And Isaac went to Abimelech, king of the Philistines, at Gerar.
ἐγένετο δὲ λιμὸς ἐπὶ τῆς γῆς χωρὶς τοῦ λιμοῦ τοῦ πρότερον ὃς ἐγένετο ἐν τῷ χρόνῳ τῷ αβρααμ ἐπορεύθη δὲ ἰσαακ πρὸς αβιμελεχ βασιλέα φυλιστιμ εἰς γεραρα
- 2 Izarak fè yon vizyon, li wè Seyè a parèt devan l'. Seyè a di l': -Pa desann nan peyi Lejip, rete kote m'ap di ou rete a.
And the Lord came to him in a vision and said, Do not go down to Egypt; keep in the land of which I will give you knowledge:
ὤφθη δὲ αὐτῷ κύριος καὶ εἶπεν μὴ καταβῆς εἰς αἴγυπτον κατοίκησον δὲ ἐν τῇ γῇ ἣ ἄν σοι εἶπω
- 3 W'a pase kèk tan nan peyi sa a. M'ap avè ou, m'ap beni ou, paske mwen pral ba ou tout tè sa a pou ou menm ak pou tout ras ou. m'a kenbe sèman mwen te fè bay Abraram, papa ou.
Keep in this land, and I will be with you and give you my blessing; for to you and to your seed will I give all these lands, giving effect to the oath which I made to your father Abraham;
καὶ παροίκει ἐν τῇ γῇ ταύτῃ καὶ ἔσομαι μετὰ σοῦ καὶ εὐλογήσω σε σοὶ γὰρ καὶ τῷ σπέρματί σου δώσω πᾶσαν τὴν γῆν ταύτην καὶ στησῶ τὸν ὄρκον μου ὃν ὤμοσα αβρααμ τῷ πατρί σου
- 4 M'ap ba ou anpil anpil pitit tankou zetwal nan syèl la. M'ap ba yo tout tè sa yo. Gremesi pitit pitit ou yo, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon.
I will make your seed like the stars of heaven in number, and will give them all these lands, and your seed will be a blessing to all the nations of the earth;
καὶ πληθυνῶ τὸ σπέρμα σου ὡς τοὺς ἀστέρας τοῦ οὐρανοῦ καὶ δώσω τῷ σπέρματί σου πᾶσαν τὴν γῆν ταύτην καὶ ἐνευλογηθήσονται ἐν τῷ σπέρματί σου πάντα τὰ ἔθνη τῆς γῆς
- 5 tout sa, paske Abraram te tande m' lè m' te pale avè l', li te swiv tout lòd mwen yo ak tout kòmandman mwen yo. Li te fè tout sa mwen mande l', li te obeyi tout lwa mwen yo.
Because Abraham gave ear to my voice and kept my words, my rules, my orders, and my laws.
ἀνθ' ὧν ὑπήκουσεν αβρααμ ὁ πατήρ σου τῆς ἐμῆς φωνῆς καὶ ἐφύλαξεν τὰ προστάγματα μου καὶ τὰ ἐντολάς μου καὶ τὰ δικαιώματά μου καὶ τὰ νόμιά μου
- 6 ¶ Se konsa Izarak rete kote yo rele Gera a.
So Isaac went on living in Gerar;
καὶ κατόκησεν ἰσαακ ἐν γεραροις
- 7 Lè mesye ki te rete nan peyi a mande l' kisa madanm li ye pou li, li reponn yo se sè l' li ye, paske li te pè di se madanm li Rebeka te ye pou mesye yo pa t' touye l' pou yo te ka pran Rebeka ki te bèl anpil.
And when he was questioned by the men of the place about his wife, he said, She is my sister; fearing to say, She is my wife; for, he said, the men of the place may put me to death on account of Rebekah; because she is very beautiful.
ἐπιρώτησαν δὲ οἱ ἄνδρες τοῦ τόπου περὶ ρεβεκκας τῆς γυναικὸς αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἀδελφή μου ἐστὶν ἐφοβήθη γὰρ εἰπεῖν ὅτι γυνή μου ἐστὶν μήποτε ἀποκτείνουσιν αὐτὸν οἱ ἄνδρες τοῦ τόπου περὶ ρεβεκκας ὅτι ὡραία τῇ ὄψει ἦν
- 8 Izarak te gen kèk tan depi l' te rete la. Yon jou, Abimelek, wa moun Filisti yo, t'ap gade nan fennèt li, li te wè Izarak ki t'ap pase men sou Rebeka, madanm li.
And when he had been there for some time, Abimelech, king of the Philistines, looking through a window, saw Isaac playing with Rebekah his wife.
ἐγένετο δὲ πολυχρόνιος ἐκεῖ παρακύψας δὲ αβιμελεχ ὁ βασιλεὺς γεραρων διὰ τῆς θυρίδος εἶδεν τὸν ἰσαακ παίζοντα μετὰ ρεβεκκας τῆς γυναικὸς αὐτοῦ
- 9 Lè sa a, Abimelèk voye chache Izarak. Li di l' konsa: -Gade non, monchè, se madanm ou li ye! Poukisa ou di se sè ou li ye! Izarak reponn li: -Mwen te di sa paske mwen te kwè yo ta ka touye m', si m' te di se madanm mwen li ye.
And he said to Isaac, It is clear that she is your wife: why then did you say, She is my sister? And Isaac said, For fear that I might be put to death because of her.
ἐκάλεισεν δὲ αβιμελεχ τὸν ἰσαακ καὶ εἶπεν αὐτῷ ἄρα γε γυνή σου ἐστὶν τί ὅτι εἶπας ἀδελφή μου ἐστὶν εἶπεν δὲ αὐτῷ ἰσαακ εἶπα γὰρ μήποτε ἀποθάνω δι' αὐτήν
- 10 Abimelèk di l': -Kisa ou fè nou konsa? Yonn nan mesye nou yo ta ka byen rive kouche avèk madanm ou! Se ou ki ta lakòz nou fè peche sa a.
Then Abimelech said, What have you done to us? one of the people might well have had connection with your wife, and the sin would have been ours.
εἶπεν δὲ αὐτῷ αβιμελεχ τί τοῦτο ἐποίησας ἡμῖν μικροῦ ἐκοιμήθη τις τοῦ γένους μου μετὰ τῆς γυναικὸς σου καὶ ἐπήγαγες ἐφ' ἡμᾶς ἄγνοιαν
- 11 Se konsa Abimelèk pase lòd sa a bay tout pèp la: -Si yon moun manyen nonm sa a, osinon madanm li, y'ap touye l'.
And Abimelech gave orders to his people that anyone touching Isaac or his wife was to be put to death.
συνέταξεν δὲ αβιμελεχ παντὶ τῷ λαῷ αὐτοῦ λέγων πᾶς ὁ ἀπτόμενος τοῦ ἀνθρώπου τούτου ἢ τῆς γυναικὸς αὐτοῦ θανάτου ἔνοχος ἔσται
- 12 ¶ Izarak fè jaden nan peyi a. Lè lanne a bout, li rekòlte san fwa valè sa l' te plante a, paske Seyè a te beni l'.
Now Isaac, planting seed in that land, got in the same year fruit a hundred times as much, for the blessing of the Lord was on him.
ἔσπειρεν δὲ ἰσαακ ἐν τῇ γῇ ἐκείνῃ καὶ εὗρεν ἐν τῷ ἑνιαυτῷ ἐκείνῳ ἑκατοστειούσαν κριθήν εὐλόγησεν δὲ αὐτὸν κύριος

- 13 Msye te vin rich. Li t'ap fè lajan toujou, jouk li rive vin rich anpil anpil.
And his wealth became very great, increasing more and more;
 και ὑψώθη ὁ ἄνθρωπος καὶ προβαίνων μείζων ἐγένετο ἕως οὗ μέγας ἐγένετο σφόδρα
- 14 Li te gen kantite kabrit, mouton ak bèf, ak anpil moun ki t'ap sèvi l'. Sa te fè moun Filisti yo rayi sò li.
For he had great wealth of flocks and herds and great numbers of servants; so that the Philistines were full of envy.
 ἐγένετο δὲ αὐτῷ κτήνη προβάτων καὶ κτήνη βοῶν καὶ γεώργια πολλά ἐζήλωσαν δὲ αὐτὸν οἱ φυλιστιμ
- 15 Se konsa yo konble tout pi domestik Abraram yo te fouye sou tan Abraram, papa Izarak. Yo plen yo tè.
Now all the water-holes, which his father's servants had made in the days of Abraham, had been stopped up with earth by the Philistines.
 και πάντα τὰ φρέατα ἃ ὄρυξαν οἱ παῖδες τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐν τῷ χρόνῳ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐνέφραξαν αὐτὰ οἱ φυλιστιμ καὶ ἐπλησαν αὐτὰ γῆς
- 16 Lèfini, Abimelèk di Izarak: -Pati, al fè wout ou! Ou pi grannèg pase nou.
And Abimelech said to Isaac, Go away from us, for you are stronger than we are.
 εἶπεν δὲ ἀβιμελεχ πρὸς ἰσαακ ἀπελθε ἀφ' ἡμῶν ὅτι δυνατώτερος ἡμῶν ἐγένου σφόδρα
- 17 Se konsa Izarak pati kite kote l' te ye a, li ale nan Fon Gera a. Se la li moute kay li pou l' rete.
So Isaac went away from there, and put up his tents in the valley of Gerar, making his living-place there.
 και ἀπῆλθεν ἐκεῖθεν ἰσαακ καὶ κατέλυσεν ἐν τῇ φάραγγι γεραρων καὶ κατόκησεν ἐκεῖ
- 18 Li fè refouye tout pi dlo yo te fouye sou tan Abraram, papa l'. Se pi sa yo moun Filisti yo te bouche apre lanmò Abraram. Izarak ba yo menm non papa l' te ba yo a.
And he made again the water-holes which had been made in the days of Abraham his father, and which had been stopped up by the Philistines; and he gave them the names which his father had given them.
 και πάλιν ἰσαακ ὄρυξεν τὰ φρέατα τοῦ ὕδατος ἃ ὄρυξαν οἱ παῖδες ἀβρααμ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ἐνέφραξαν αὐτὰ οἱ φυλιστιμ μετὰ τὸ ἀποθανεῖν ἀβρααμ τὸν πατέρα αὐτοῦ καὶ ἐπωνόμασεν αὐτοῖς ὄν ὀματα κατὰ τὰ ὀνόματα ἃ ἐπωνόμασεν ἀβρααμ ὁ πατὴρ αὐτοῦ
- 19 Domestik Izarak yo te fouye ankò nan fon an. Yo te jwenn yon sous dlo k'ap ponpe.
Now Isaac's servants made holes in the valley, and came to a spring of flowing water.
 και ὄρυξαν οἱ παῖδες ἰσαακ ἐν τῇ φάραγγι γεραρων καὶ εὔρον ἐκεῖ φρέαρ ὕδατος ζῶντος
- 20 Men, gadò mouton peyi Gera yo leve yon sèl kont avèk gadò mouton Izarak yo. Yo t'ap di: -Dlo sa a, se pou nou li ye. Se konsa Izarak rele pi a Pi dezagreman paske yo te chache l' dezagreman pou dlo a.
But the herdmen of Gerar had a fight with Isaac's herdmen, for they said, The spring is ours: so he gave the spring the name of Esek, because there was a fight about it.
 και ἐμαχέσαντο οἱ ποιμένες γεραρων μετὰ τῶν ποιμένων ἰσαακ φάσκοντες αὐτῶν εἶναι τὸ ὕδωρ καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα τοῦ φρέατος ἀδικία ἠδίκησαν γὰρ αὐτὸν
- 21 Domestik Izarak yo fouye yon lòt pi ki te lakòz yo chache yo kont ankò. Se konsa Izarak rele pi a Pi ki fè lènmi.
Then they made another water-hole, and there was a fight about that, so he gave it the name of Sitnah.
 ἀπάρας δὲ ἰσαακ ἐκεῖθεν ὄρυξεν φρέαρ ἕτερον ἐκρίνοντο δὲ καὶ περὶ ἐκείνου καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐχθρία
- 22 Lè l' wè sa, li wete kò l' kote l' te ye a, li fouye yon lòt pi pou sa pa t' fè kont. Se poutèt sa li rele pi a Pi ki pa nan kont. Li di: -Koulye a Seyè a ban nou kont espas nan peyi a pou nou pa nan kont. Se atò zafè nou pral mache nan peyi a.
Then he went away from there, and made another water-hole, about which there was no fighting: so he gave it the name of Rehoboth, for he said, Now the Lord has made room for us, and we will have fruit in this land.
 ἀπάρας δὲ ἐκεῖθεν ὄρυξεν φρέαρ ἕτερον καὶ οὐκ ἐμαχέσαντο περὶ αὐτοῦ καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ εὐρυχωρία λέγων διότι νῦν ἐπλάτυνεν κύριος ἡμῖν καὶ ἠύξησεν ἡμᾶς ἐπὶ τῆς γῆς
- 23 Izarak pati, li moute Bècheba.
And from there he went on to Beer-sheba.
 ἀνέβη δὲ ἐκεῖθεν ἐπὶ τὸ φρέαρ τοῦ ὄρκου
- 24 Menm jou sa a, nan mitan lannwit, Seyè a parèt nan yon vizyon, li di Izarak konsa: -Mwen se Bondye Abraram, papa ou. Ou pa bezwen pè anyen, paske mwen la avèk ou. M'ap beni ou, m'ap ba ou anpil pitit pitit, poutèt Abraram, sèvitè m' lan.
That night the Lord came to him in a vision, and said, I am the God of your father Abraham: have no fear for I am with you, blessing you, and your seed will be increased because of my servant Abraham.
 και ὤφθη αὐτῷ κύριος ἐν τῇ νυκτὶ ἐκείνῃ καὶ εἶπεν ἐγὼ εἰμι ὁ θεὸς ἀβρααμ τοῦ πατρὸς σου μὴ φοβοῦ μετὰ σοῦ γὰρ εἰμι καὶ ἠυλόγηκά σε καὶ πληθυνθὲ τὸ σπέρμα σου διὰ ἀβρααμ τὸν πατέρα σου

- 25 Izarak bati yon lotèl la, li fè sèvis pou Seyè a. Li moute kay li la. Domestik li yo fouye yon lòt pi.
Then he made an altar there, and gave worship to the name of the Lord, and he put up his tents there, and there his servants made a water-hole.
καὶ ὀικοδόμησεν ἐκεῖ θουσιαστήριον καὶ ἐπεκαλέσατο τὸ ὄνομα κυρίου καὶ ἐπηξεν ἐκεῖ τὴν σκηνὴν αὐτοῦ ὠρυζαν δὲ ἐκεῖ οἱ παῖδες ἰσαακ φρέαρ
- 26 ¶ Abimelèk soti Gera, li vin wè Izarak. Li te gen avè l' Akouzat, yon bon zanmi l', ak Pikòl, kòmandan lame li a.
And Abimelech had come to him from Gerar, with Ahuzzath his friend and Phicol, the captain of his army.
καὶ ἀβιμελεχ ἐπορεύθη πρὸς αὐτὸν ἀπὸ γεραρων καὶ οχοζαθ ὁ νυμφαγωγὸς αὐτοῦ καὶ φικολ ὁ ἀρχιστράτηγος τῆς δυνάμεως αὐτοῦ
- 27 Izarak mande yo: -Poukisa nou vin wè m' koulye a? Jan nou te rayi m' sa a jouk nou te rive mete m' deyò nan peyi nou an!
And Isaac said to them, Why have you come to me, seeing that in your hate for me you sent me away from you?
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἰσαακ ἵνα τί ἤλθατε πρὸς με ὑμεῖς δὲ ἐμισήσατέ με καὶ ἀπεστείλατέ με ἀφ' ὑμῶν
- 28 Yo reponn li: -Koulye a nou konnen Seyè a avèk ou. Se poutèt sa nou di n'ap fè yon kontra avèk ou, n'ap sèmannte yonn bay lòt.
And they said, We saw clearly that the Lord was with you: so we said, Let there be an oath between us and you, and let us make an agreement with you;
καὶ εἶπαν ἰδόντες ἑωράκαμεν ὅτι ἦν κύριος μετὰ σοῦ καὶ εἶπαμεν γενέσθω ἀρὰ ἀνά μέσον ἡμῶν καὶ ἀνά μέσον σοῦ καὶ διαθησόμεθα μετὰ σοῦ διαθήκη
- 29 W'ap sèmannte ou p'ap janm fè nou anyen, menm jan nou pa t' janm fè ou anyen. W'ap sèmannte nou te toujou aji byen avèk ou. Nou kite ou ale san bri san kont. Koulye a, ou gen benediksyon Bondye sou ou.
That you will do us no damage, even as we put no hand on you, and did you nothing but good, and sent you away in peace: and now the blessing of the Lord is on you.
μὴ ποιήσεν μεθ' ἡμῶν κακὸν καθότι ἡμεῖς σε οὐκ ἐβδελυξάμεθα καὶ ὄν τρόπον ἐχρησάμεθά σοι καλῶς καὶ ἐξαπεστείλαμέν σε μετ' εἰρήνης καὶ νῦν σὺ εὐλογητὸς ὑπὸ κυρίου
- 30 Izarak fè gwo fèt pou yo. Yo manje, yo bwè.
Then he made a feast for them, and they all had food and drink.
καὶ ἐποίησεν αὐτοῖς δοχὴν καὶ ἔφαγον καὶ ἔπιον
- 31 Nan granmaten, yo leve, yo sèmannte yonn bay lòt. Apre sa, moun Filisti yo di Izarak orevwa. Yo separe tankou de bon zanmi, epi y al fè wout yo.
And early in the morning they took an oath one to the other: then Isaac sent them away and they went on their way in peace.
καὶ ἀναστάντες τὸ πρωὶ ὤμοσαν ἄνθρωπος τῷ πλησίον αὐτοῦ καὶ ἐξαπέστειλεν αὐτοὺς ἰσαακ καὶ ἀπόχοντο ἀπ' αὐτοῦ μετὰ σωτηρίας
- 32 Menm jou sa a, domestik Izarak yo vin ba l' nouvèl pi yo t'ap fouye a. Yo di l': -Nou jwenn dlo.
And that day Isaac's servants came to him and gave him word of the water-hole which they had made, and said to him, We have come to water.
ἐγένετο δὲ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκεῖνῃ καὶ παραγενόμενοι οἱ παῖδες ἰσαακ ἀπήγγειλαν αὐτῷ περὶ τοῦ φρέατος οὗ ὠρυζαν καὶ εἶπαν οὐχ εὔρομεν ὕδωρ
- 33 Izarak rele pi a Chibeya. Se poutèt sa, jouk jòdi a, yo rele lavil la Bècheba.
And he gave it the name of Shibah: so the name of that town is Beer-sheba to this day.
καὶ ἐκάλεσεν αὐτὸ ὄρκος διὰ τοῦτο ὄνομα τῇ πόλει φρέαρ ὄρκου ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας
- 34 ¶ Ezaou te gen karantan lè l' marye ak Jidit, pitit fi Beri, yon moun Et. Li te gen yon lòt madanm tout yo te rele Basmat, pitit fi Elon, yon moun Et tou.
And when Esau was forty years old, he took as his wives Judith, the daughter of Beeri the Hittite, and Basemath, the daughter of Elon the Hittite:
ἦν δὲ ἦσαυ ἑτῶν τεσσαράκοντα καὶ ἔλαβεν γυναῖκα ἰουδιν τὴν θυγατέρα βεηρ τοῦ χετταίου καὶ τὴν βασεμμαθ θυγατέρα αἰλων τοῦ εουαίου
- 35 Medam sa yo te rann Izarak ak Rebeka lavi minab.
And Isaac and Rebekah had grief of mind because of them.
καὶ ἦσαν ἐρίζουσαι τῷ ἰσαακ καὶ τῇ ρεβεκκα
- 1 ¶ Izarak te fin vye granmoun, je l' pa t' bon, li pa t' kapab wè ladan yo ankò. Li rele premye pitit li a, Ezaou, li di l' konsa: -Pitit mwen, Ezaou reponn li: -Men mwen wi, papa.
Now when Isaac was old and his eyes had become clouded so that he was not able to see, he sent for Esau, his first son, and said to him, My son: and he said, Here am I.
ἐγένετο δὲ μετὰ τὸ γηρᾶσαι ἰσαακ καὶ ἡμβλύθησαν οἱ ὀφθαλμοὶ αὐτοῦ τοῦ ὄραν καὶ ἐκάλεσεν ἦσαυ τὸν υἱὸν αὐτοῦ τὸν πρεσβύτερον καὶ εἶπεν αὐτῷ υἱέ μου καὶ εἶπεν ἰδοὺ ἐγὼ
- 2 Izarak di l': -Ou wè jan m' fin vye. Mwen pa konn ki jou m'ap mouri.
And he said, See now, I am old, and my death may take place at any time:
καὶ εἶπεν ἰδοὺ γεγήρακα καὶ οὐ γινώσκω τὴν ἡμέραν τῆς τελευτῆς μου
- 3 Tanpri, pran zam ou yo, flèch ou yo ak banza ou la. Ale nan bwa a, chase jibye pou mwen.
So take your arrows and your bow and go out to the field and get meat for me;
νῦν οὖν λαβὲ τὸ σκεδὸς σου τὴν τε φαρέτρην καὶ τὸ τόξον καὶ ἐξελθε εἰς τὸ πεδῖον καὶ θήρευσόν μοι θήραν

- 4 Lèfini, pare vyann lan jan ou konnen mwen renmen l' lan, pote l' ban mwen. m'a manje. Epi m'a ba ou benediksyon mwen anvan m' mourì.
And make me food, good to the taste, such as is pleasing to me, and put it before me, so that I may have a meal and give you my blessing before death comes to me.
 και ποιήσόν μου ἐδέσματα ὡς φιλῶ ἐγὼ καὶ ἐνεγκέ μοι ἵνα φάγῃ ὅπως εὐλογήσῃ σε ἢ ψυχὴ μου πρὶν ἀποθανεῖν με
- 5 Rebeka menm t'ap tande sa Izarak t'ap di Ezaou, gason l' lan. Ezaou soti, li pati li al lachas pou papa l'.
Now Isaac's words to his son were said in Rebekah's hearing. Then Esau went out to get the meat.
 ρεβεκκα δὲ ἤκουσεν λαλοῦντος ἰσαακ πρὸς ἡσαυ τὸν υἱὸν αὐτοῦ ἐπορευῆθι δὲ ἡσαυ εἰς τὸ πεδῖον θηρεῦσαι θήραν τῷ πατρὶ αὐτοῦ
- 6 ¶ Lè sa a, Rebeka di Jakòb, pitit li a: -Men mwen fèk tande papa ou di Ezaou, frè ou la:
And Rebekah said to Jacob, her son, Your father said to your brother Esau in my hearing,
 ρεβεκκα δὲ εἶπεν πρὸς ἰακωβ τὸν υἱὸν αὐτῆς τὸν ἐλάσσω ἰδὲ ἐγὼ ἤκουσα τοῦ πατρὸς σου λαλοῦντος πρὸς ἡσαυ τὸν ἀδελφόν σου λέγοντος
- 7 Al chase jibye pote pou mwen, kwit li, m'a manje. Apre sa, m'a beni ou devan Seyè a anvan m' mourì.
Go and get some roe's meat and make me a good meal, so that I may be full, and give you my blessing before the Lord before my death.
 ἐνεγκόν μοι θήραν καὶ ποιήσόν μοι ἐδέσματα καὶ φαγὼν εὐλογήσω σε ἐναντίον κυρίου πρὸ τοῦ ἀποθανεῖν με
- 8 Koulye a, pitit mwen, koute sa m'ap di ou: Fè sa m'ap mande ou la.
Now, my son, do what I say.
 νῦν οὖν υἱέ ἄκουσόν μου καθὰ ἐγὼ σοι ἐντέλλομαι
- 9 Ale pran de jenn kabrit byen gra nan bann lan, pote yo ban mwen. m'a pare yo pou papa ou jan m' konnen li renmen l' lan.
Go to the flock and get me two fat young goats; and I will make of them a meal to your father's taste:
 και πορευθεῖς εἰς τὰ πρόβατα λαβέ μοι ἐκεῖθεν δύο ἐρίφους ἀπαλοὺς καὶ καλοὺς καὶ ποιήσω αὐτοὺς ἐδέσματα τῷ πατρὶ σου ὡς φιλεῖ
- 10 W'a pote l' bay papa ou, la manje, la beni ou anvan l' mourì.
And you will take it to him, so that he may have a good meal and give you his blessing before his death.
 και εἰσοίσεις τῷ πατρὶ σου καὶ φάγεται ὅπως εὐλογήσῃ σε ὁ πατήρ σου πρὸ τοῦ ἀποθανεῖν αὐτόν
- 11 Jakòb reponn manman l': -Men manman, Ezaou, frè mwen an, gen pwal sou tout kò li. Mwen menm, po pa m' lis.
And Jacob said to Rebekah, his mother, But Esau my brother is covered with hair, while I am smooth:
 εἶπεν δὲ ἰακωβ πρὸς ρεβεκκαν τὴν μητέρα αὐτοῦ ἔστιν ἡσαυ ὁ ἀδελφός μου ἀνήρ δασύς ἐγὼ δὲ ἀνὴρ λεῖος
- 12 Si papa m' manyen m', la wè se twonpe m'ap twonpe l'. Lè sa a pase li ban mwen benediksyon, la ban m' madichon pito.
If by chance my father puts his hand on me, it will seem to him that I am tricking him, and he will put a curse on me in place of a blessing.
 μήποτε ψηλαφήσῃ με ὁ πατήρ μου καὶ ἔσομαι ἐναντίον αὐτοῦ ὡς καταφρονῶν καὶ ἐπάξω ἐπ' ἐμαυτὸν κατάραν καὶ οὐκ εὐλογίαν
- 13 Men manman an reponn: -Madichon la ba ou a va tonbe sou mwen, pitit mwen. Ou menm, fè sa mwen di ou fè a, al chache kabrit yo mennen ban mwen.
And his mother said, Let the curse be on me, my son: only do as I say, and go and get them for me.
 εἶπεν δὲ αὐτῷ ἡ μήτηρ ἐπ' ἐμὲ ἡ κατάρα σου τέκνον μόνον ὑπάκουσον τῆς φωνῆς μου καὶ πορευθεῖς ἐνεγκέ μοι
- 14 Jakòb ale chache bèt yo, li mennen yo bay manman l'. Manman l' pare yon manje jan li konnen papa a te renmen l' lan.
So he went and got them and took them to his mother: and she made a meal to his father's taste.
 πορευθεῖς δὲ ἔλαβεν καὶ ἤνεγκεν τῇ μητρὶ καὶ ἐποίησεν ἡ μήτηρ αὐτοῦ ἐδέσματα καθὰ ἐφίλει ὁ πατήρ αὐτοῦ
- 15 Apre sa, Rebeka pran rad Ezaou, premye pitit li a, pi bèl rad Ezaou te gen lakay la, li mete yo anwo Jakòb, dezyèm pitit li a.
And Rebekah took the fair robes of her oldest son, which were with her in the house, and put them on Jacob, her younger son:
 και λαβοῦσα ρεβεκκα τὴν στολὴν ἡσαυ τοῦ υἱοῦ αὐτῆς τοῦ πρεσβυτέρου τὴν καλὴν ἣ ἦν παρ' αὐτῆς ἐν τῷ οἴκῳ ἐνέδυσεν ἰακωβ τὸν υἱὸν αὐτῆς τὸν νεώτερον
- 16 Avèk po ti kabrit yo, li kouvri bra ak kou Jakòb.
And she put the skins of the young goats on his hands and on the smooth part of his neck:
 και τὰ δέρματα τῶν ἐρίφων περιέθηκεν ἐπὶ τοὺς βραχίονας αὐτοῦ καὶ ἐπὶ τὰ γυμνά τοῦ τραχήλου αὐτοῦ
- 17 Apre sa, li bay Jakòb manje a avèk pen li te fè.
And she gave into the hand of Jacob, her son, the meat and the bread which she had made ready.
 και ἔδωκεν τὰ ἐδέσματα καὶ τοὺς ἄρτους οὓς ἐποίησεν εἰς τὰς χεῖρας ἰακωβ τοῦ υἱοῦ αὐτῆς

- 18 ¶ Jakòb al jwenn papa l', li di: -Papa. Izarak reponn li: -Men mwen, pitit mwen. Kilès nan nou ki la a?
And he came to his father, and said, My father: and he said, Here am I: who are you, my son?
καὶ εἰσήνεγκεν τῷ πατρὶ αὐτοῦ εἶπεν δὲ πᾶτερ ὁ δὲ εἶπεν ἰδοὺ ἐγὼ τίς εἰ σὺ τέκνον
- 19 Jakòb reponn: -Se mwen menm Ezaou, premye gason ou lan. Mwen fè sa ou te di m' fè a. Leve non, chita. Manje vyann mwen pote pou ou a. Apre sa, wa ban mwen benediksyon.
And Jacob said, I am Esau, your oldest son; I have done as you said: come now, be seated and take of my meat, so that you may give me a blessing.
καὶ εἶπεν ἰακωβ τῷ πατρὶ αὐτοῦ ἐγὼ ἦσα ὁ πρωτότοκός σου ἐποίησα καθὰ ἐλάλησάς μοι ἀναστᾶς κάθισον καὶ φάγε τῆς θήρας μου ὅπως εὐλογῆσῃ με ἡ ψυχὴ σου
- 20 Izarak di Jakòb: -Ki jan ou fè jwenn bèt la vit konsa, pitit mwen? Jakòb reponn li: -Seyè a, Bondye ou la, ede m'. Li fè jibye a vin devan mwen.
And Isaac said, How is it that you have got it so quickly, my son? And he said, Because the Lord your God made it come my way.
εἶπεν δὲ ἰσαακ τῷ υἱῷ αὐτοῦ τί τοῦτο ὁ ταχὺ εἶδες ὃ τέκνον ὁ δὲ εἶπεν ὁ παρέδωκεν κύριος ὁ θεός σου ἐναντίον μου
- 21 Izarak di: -Pwoche non. Vini mwen manyen ou, pitit mwen, pou m' wè si wi ou non ou se Ezaou, pitit mwen an.
And Isaac said, Come near so that I may put my hand on you, my son, and see if you are truly my son Esau or not.
εἶπεν δὲ ἰσαακ τῷ ἰακωβ ἔγγισόν μοι καὶ ψηλαφήσω σε τέκνον εἰ σὺ εἶ ὁ υἱός μου ἦσα ἢ οὐ
- 22 Jakòb pwoche bò kote Izarak, papa l', ki manyen l'. Epi Izarak di: -Vwa a se vwa Jakòb, men bra a se bra Ezaou.
And Jacob went near his father Isaac: and he put his hands on him; and he said, The voice is Jacob's voice, but the hands are the hands of Esau.
ἤγγισεν δὲ ἰακωβ πρὸς ἰσαακ τὸν πατέρα αὐτοῦ καὶ ἐψηλάφησεν αὐτὸν καὶ εἶπεν ἡ μὲν φωνὴ φωνὴ ἰακωβ αἱ δὲ χεῖρες χεῖρες ἦσα
- 23 Li pa t' rekonèt Jakòb, paske bra li te plen pwal tankou bra Ezaou, frè li a. Izarak beni l'.
And he did not make out who he was, because his hands were covered with hair like his brother Esau's hands: so he gave him a blessing.
καὶ οὐκ ἐπέγνω αὐτὸν ἦσαν γὰρ αἱ χεῖρες αὐτοῦ ὡς αἱ χεῖρες ἦσαν τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ δασεῖαι καὶ ἠλόγησεν αὐτόν
- 24 Li di l': -Se vre, se Ezaou, pitit mwen, ou ye? Jakòb reponn li: -Se mwen wi.
And he said, Are you truly my son Esau? And he said, I am.
καὶ εἶπεν σὺ εἶ ὁ υἱός μου ἦσα ὁ δὲ εἶπεν ἐγὼ
- 25 Izarak di l': -Sèvi m' non. m'a manje vyann ou pote a. Apre sa, m'a beni ou. Jakòb sèvi l' manje a, li manje. Lèfini, Jakòb ba li diven, li bwè.
And he said, Put it before me and I will take of my son's meat, so that I may give you a blessing. And he put it before him and he took it; and he gave him wine, and he had a drink.
καὶ εἶπεν προσάγαγέ μοι καὶ φάγομαι ἀπὸ τῆς θήρας σου τέκνον ἴνα εὐλογῆσῃ σε ἡ ψυχὴ μου καὶ προσήγαγεν αὐτῷ καὶ ἔφαγεν καὶ εἰσήνεγκεν αὐτῷ οἶνον καὶ ἔπιεν
- 26 Izarak, papa l', di l': -Pwoche non, pitit mwen. vin bo m'.
And his father Isaac said to him, Come near now, my son, and give me a kiss.
καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰσαακ ὁ πατὴρ αὐτοῦ ἔγγισόν μοι καὶ φίλησόν με τέκνον
- 27 Jakòb pwoche, li bo papa l'. Papa a pran sant rad ki te sou li a, epi li ba li benediksyon l'. Li di l': -Sant kò pitit mwen an tankou sant yon jaden Seyè a beni.
And he came near and gave him a kiss; and smelling the smell of his clothing, he gave him a blessing, and said, See, the smell of my son is like the smell of a field on which the blessing of the Lord has come:
καὶ ἐγγίσας ἐφίλησεν αὐτόν καὶ ὠσφράνθη τὴν ὀσμὴν τῶν ἱματίων αὐτοῦ καὶ ἠλόγησεν αὐτόν καὶ εἶπεν ἰδοὺ ὀσμὴ τοῦ υἱοῦ μου ὡς ὀσμὴ ἀγροῦ πλήρους ὃν ἠλόγησεν κύριος
- 28 Se pou Bondye ba ou lawouze ki soti nan syèl la. Se pou l' fè jaden ou donne anpil. Se pou l' ba ou bèl rekòt ble ak rezen.
May God give you the dew of heaven, and the good things of the earth, and grain and wine in full measure:
καὶ δόψοι σοὶ ὁ θεὸς ἀπὸ τῆς δρόσου τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἀπὸ τῆς πύττης τῆς γῆς καὶ πλῆθος σίτου καὶ οἴνου
- 29 Se pou kantite pèp soumèt devan ou. Se pou kantite nasyon bese tèt devan ou. Se ou menm ki pou mèt frè ou yo. Se pou pitit pitit manman ou yo bese tèt devan ou. Se pou tout moun ki ba ou madichon jwenn madichon. Se pou tout moun ki beni ou jwenn benediksyon.
Let peoples be your servants, and nations go down before you: be lord over your brothers, and let your mother's sons go down before you: a curse be on everyone by whom you are cursed, and a blessing on those who give you a blessing.
καὶ δουλεύσάτωσάν σοι ἔθνη καὶ προσκυνήσουσίν σοι ἄρχοντες καὶ γίνου κύριος τοῦ ἀδελφοῦ σου καὶ προσκυνήσουσίν σοι οἱ υἱοὶ τοῦ πατρὸς σου ὁ καταρώμενός σε ἐπικατάρατος ὁ δὲ εὐλογῶν σε εὐλογημένος
- 30 ¶ Izarak te fin beni Jakòb. Jakòb te fèk kite papa li, Izarak, lè Ezaou, frè li a, antre soti lachas.
And when Isaac had come to the end of blessing Jacob, and Jacob had not long gone away from Isaac his father, Esau came in from the field.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὸ παύσασθαι ἰσαακ εὐλογοῦντα ἰακωβ τὸν υἱὸν αὐτοῦ καὶ ἐγένετο ὡς ἐξῆλθεν ἰακωβ ἀπὸ προσώπου ἰσαακ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ἦσα ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ ἦλθεν ἀπὸ τῆς θήρας

- 31 Li te pare yon bon plat manje, li pote l' bay papa l'. Li di l': -Leve chita non, papa. Manje vyann pitit ou pote pou ou a, pou ou ka beni l'.
And he made ready a meal, good to the taste, and took it to his father, and said to him, Let my father get up and take of his son's meat, so that you may give me a blessing.
καὶ ἐποίησεν καὶ αὐτὸς ἐδέσματα καὶ προσήνεγκεν τῷ πατρὶ αὐτοῦ καὶ εἶπεν τῷ πατρὶ ἀναστήτω ὁ πατήρ μου καὶ φαγέτω τῆς θήρας τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ ὅπως εὐλογήσῃ με ἢ ψυχὴ σου
- 32 Izarak, papa l', mande: -Ki moun sa a? Li reponn: -Se mwen menm, Ezaou, premye pitit gason ou lan.
And Isaac his father said to him, Who are you? And he said, I am your oldest son, Esau.
καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰσαακ ὁ πατήρ αὐτοῦ τίς εἶ σύ ὁ δὲ εἶπεν ἐγὼ εἰμι ὁ υἱός σου ὁ πρωτότοκος ἦσαν
- 33 Tande Izarak tande sa, li sezi, li pran tranble kou fèy bwa. Li di: -Kilès sa ki te pote ban m' manje jibye li sot chase a? Mwen fèk fin manje anvan ou rive la a. Mwen ba li benediksyon m' lan ki pou li nèt.
And in great fear Isaac said, Who then is he who got meat and put it before me, and I took it all before you came, and gave him a blessing, and his it will be?
ἐξέστη δὲ ἰσαακ ἔκστασιν μεγάλῃν σφόδρα καὶ εἶπεν τίς οὖν ὁ θηρεύσας μοι θήραν καὶ εἰσενέγκας μοι καὶ ἔφαγον ἀπὸ πάντων πρὸ τοῦ σε ἔλθειν καὶ ἠλόγησα αὐτὸν καὶ εὐλογημένος ἔστω
- 34 Lè Ezaou tande sa, yon sèl kòlè moute l', li tonbe rele byen fò: -Beni m' tout non, papa!
And hearing the words of his father, Esau gave a great and bitter cry, and said to his father, Give a blessing to me, even to me, O my father!
ἐγένετο δὲ ἡνίκα ἤκουσεν ἦσαν τὰ ῥήματα ἰσαακ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἀνεβόησεν φωνὴν μεγάλῃν καὶ πικρὰν σφόδρα καὶ εἶπεν εὐλόγησον δὴ κάμὲ πάτερ
- 35 Izarak reponn li: -Frè ou la vini, li twonpe m'. Li pran benediksyon ki te pou ou a.
And he said, Your brother came with deceit, and took away your blessing.
εἶπεν δὲ αὐτῷ ἐλθὼν ὁ ἀδελφός σου μετὰ δόλου ἔλαβεν τὴν εὐλογίαν σου
- 36 Ezaou di: -Sa fè dezyèm fwa li pran sak pou mwen. Eske se paske li rele Jakòb la kifè l'ap pase devan m' konsa? Premye fwa a, li te pran dwa m' kòm premye pitit. Men koulye a, li pran benediksyon ki te pou mwen an! Apre sa, li di: -Men papa, èske ou pa gen yon lòt benediksyon pou mwen?
And he said, Is it because he is named Jacob that he has twice taken my place? for he took away my birthright, and now he has taken away my blessing. And he said, Have you not kept a blessing for me?
καὶ εἶπεν δικαίως ἐκλήθη τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰακωβ ἐπτέρνικεν γάρ με ἤδη δεύτερον τοῦτο τὰ τε πρωτοτόκιά μου εἴληφεν καὶ νῦν εἴληφεν τὴν εὐλογίαν μου καὶ εἶπεν ἦσαν τῷ πατρὶ αὐτοῦ οὐχ ὑπελίπω μοι εὐλογίαν πάτερ
- 37 Izarak reponn Ezaou: -Mwen mete l' chèf sou ou. Mwen fè tout rès fanmi an tounen moun k'ap sèvi l'. Mwen ba li mezi pwovizyon l'. Kisa m' ka fè pou ou ankò, pitit mwen?
And Isaac answering said, But I have made him your master, and have given him all his brothers for servants; I have made him strong with grain and wine: what then am I to do for you, my son?
ἀποκριθεὶς δὲ ἰσαακ εἶπεν τῷ ἦσαν εἰ κύριον αὐτὸν ἐποίησά σου καὶ πάντας τοὺς ἀδελφούς αὐτοῦ ἐποίησα αὐτοῦ οἰκέτας σίτω καὶ οἴνω ἐστήρισα αὐτὸν σοὶ δὲ τί ποιήσω τέκνον
- 38 Ezaou di papa a: -Se sèl benediksyon sa a ou te genyen, papa? Tanpri, beni m' tout non, papa! Lè sa a, Ezaou pete yon sèl rèl, li kriye byen fò.
And Esau said to his father, Is that the only blessing you have, my father? give a blessing to me, even me! And Esau was overcome with weeping.
εἶπεν δὲ ἦσαν πρὸς τὸν πατέρα αὐτοῦ μὴ εὐλογία μία σοὶ ἐστὶν πάτερ εὐλόγησον δὴ κάμὲ πάτερ κατανυχθέντος δὲ ἰσαακ ἀνεβόησεν φωνὴν ἦσαν καὶ ἔκλαυσεν
- 39 Se konsa Izarak di l': -Latè p'ap ba ou sa l' te dwe ba ou. p'ap gen lawouze ki sot nan syèl la pou wouze jaden ou.
Then Isaac his father made answer and said to him, Far from the fertile places of the earth, and far from the dew of heaven on high will your living-place be:
ἀποκριθεὶς δὲ ἰσαακ ὁ πατήρ αὐτοῦ εἶπεν αὐτῷ ἰδοὺ ἀπὸ τῆς πλούτου τῆς γῆς ἔσται ἡ κατοικησίς σου καὶ ἀπὸ τῆς δρόσου τοῦ οὐρανοῦ ἄνωθεν
- 40 Se zam ou k'ap fè ou viv. W'ap sèvi frè ou la, se vre. Men, se pye poudre ou ye, w'a sot anba men l'.
By your sword will you get your living and you will be your brother's servant; but when your power is increased his yoke will be broken from off your neck.
καὶ ἐπὶ τῇ μαχαίρῃ σου ζήσῃ καὶ τῷ ἀδελφῷ σου δουλεύσεις ἔσται δὲ ἡνίκα ἐὰν καθέλης καὶ ἐκλύσεις τὸν ζυγὸν αὐτοῦ ἀπὸ τοῦ τραχήλου σου
- 41 ¶ Ezaou te rayi Jakòb poutèt papa a te ba li benediksyon ki te pou li a. Li di nan kè l': Papa m' pa lwen mourì. Fini yo fini antere l', m'ap touye Jakòb, frè mwen an.
So Esau was full of hate for Jacob because of his father's blessing; and he said in his heart, The days of weeping for my father are near; then I will put my brother Jacob to death.
καὶ ἐνεκότει ἦσαν τῷ ἰακωβ περὶ τῆς εὐλογίας ἧς εὐλόγησεν αὐτὸν ὁ πατήρ αὐτοῦ εἶπεν δὲ ἦσαν ἐν τῇ διανοίᾳ ἐγγισάτωσαν αἱ ἡμέραι τοῦ πένθους τοῦ πατρὸς μου ἵνα ἀποκτείνω ἰακωβ τὸν ἀδελφόν μου
- 42 Yo vin rapòte bay Rebeka sa ki te sot nan bouch Ezaou, premye pitit gason l' lan. Li fè rele Jakòb, dezyèm pitit li a, li di l': -Koute! Ezaou, frè ou la, vle tire revanj sou ou. Li vle touye ou.
Then Rebekah, hearing what Esau had said, sent for Jacob, her younger son, and said to him, It seems that your brother Esau is purposing to put you to death.
ἀπηγγέλει δὲ ρεβεκκα τὰ ῥήματα ἦσαν τοῦ υἱοῦ αὐτῆς τοῦ πρεσβυτέρου καὶ ἐμψασα ἐκάλεσεν ἰακωβ τὸν υἱὸν αὐτῆς τὸν νεότερον καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰδοὺ ἦσαν ὁ ἀδελφός σου ἀπειλεῖ σοὶ τοῦ ἀποκτεῖναί σε

- 43 Koulye a, pitit mwen, koute sa m'ap di ou la. Leve, pati ale kay Laban, frè mwen an ki rete nan peyi Karan.
So now, my son, do what I say: go quickly to Haran, to my brother Laban;
νῦν οὖν τέκνον ἄκουσόν μου τῆς φωνῆς καὶ ἀναστὰς ἀπόδραθι εἰς τὴν μεσοποταμίαν πρὸς λαβαν τὸν ἀδελφόν μου εἰς χαρραν
- 44 W'a rete kèk tan la avèk li, jouk tan kòlè frè ou la va bese,
And be there with him for a little time, till your brother's wrath is turned away;
καὶ οἴκησον μετ' αὐτοῦ ἡμέρας τινὰς ἕως τοῦ ἀποστρέψαι τὸν θυμὸν
- 45 jouk tan la sispann move sou ou, jouk li va bliye sa ou te fè l' la. Lè sa a, atò, m'a voye chache ou, m'a fè ou tounen. Poukisa pou m' ta pèdi tou de pitit gason m' yo yon sèl jou a?
Till the memory of what you have done to him is past and he is no longer angry: then I will send word for you to come back; are the two of you to be taken from me in one day?
καὶ τὴν ὀργὴν τοῦ ἀδελφοῦ σου ἀπὸ σοῦ καὶ ἐπιλάθῃται ἃ πεποίηκας αὐτῷ καὶ ἀποστείλασα μεταπέμψομαί σε ἐκεῖθεν μήποτε ἀτεκνωθῶ ἀπὸ τῶν δύο ὑμῶν ἐν ἡμέρᾳ μιᾷ
- 46 Rebeka di Izarak konsa: -Mwen degoute, mwen bouke ak bann fi Et sa yo. Pase pou m' ta wè Jakòb pran yonn nan moun sa yo, yonn nan bann fi Et sa yo k'ap viv nan peyi a pou madanm, pito m' mourì!
Then Rebekah said to Isaac, My life is a weariness to me because of the daughters of Heth: if Jacob takes a wife from among the daughters of Heth, such as these, the women of this land, of what use will my life be to me?
εἶπεν δὲ ρεβεκκα πρὸς ἰσαακ προσώχθικα τῇ ζωῇ μου διὰ τὰς θυγατέρας τῶν υἰῶν χετ εἰ λήμψεται ἰακωβ γυναῖκα ἀπὸ τῶν θυγατέρων τῆς γῆς ταύτης ἵνα τί μοι ζῆν
- 1 ¶ Izarak rele Jakòb, li beni l'. Apre sa, li ba li lòd sa a: -Piga ou pran fi peyi Kanaran an pou madanm ou.
Then Isaac sent for Jacob, and blessing him, said, Do not take a wife from among the women of Canaan;
προσκαλεσάμενος δὲ ἰσαακ τὸν ἰακωβ εὐλόγησεν αὐτὸν καὶ ἐνετείλατο αὐτῷ λέγων οὐ λήμψη γυναῖκα ἐκ τῶν θυγατέρων χανααν
- 2 Leve non, ale Mezopotami lakay Betwèl, papa manman ou. W'a pran yonn nan piti fi Laban yo pou madanm. Laban, se frè manman ou.
But go to Paddan-aram, to the house of Bethuel, your mother's father, and there get yourself a wife from the daughters of Laban, your mother's brother.
ἀναστὰς ἀπόδραθι εἰς τὴν μεσοποταμίαν εἰς τὸν οἶκον βαθουηλ τοῦ πατρὸς τῆς μητρὸς σου καὶ λαβὲ σεαυτῷ ἐκεῖθεν γυναῖκα ἐκ τῶν θυγατέρων λαβαν τοῦ ἀδελφοῦ τῆς μητρὸς σου
- 3 Mwen mande Bondye ki gen tout pouvwa a pou l' beni maryaj ou, pou l' ba ou anpil pitit, pou ou tounen zansèt anpil nasyon.
And may God, the Ruler of all, give you his blessing, giving you fruit and increase, so that you may become an army of peoples.
ὁ δὲ θεὸς μου εὐλογήσai σε καὶ αὐξήσαι σε καὶ πληθύνai σε καὶ ἔση εἰς συναγωγὰς ἐθνῶν
- 4 Se pou l' beni ou, ou menm ansanm ak tout pitit pitit ou yo, menm jan li te beni Abraram, pou ou ka pran posesyon peyi kote w'ap viv koulye a, peyi li te deja bay Abraram lan.
And may God give you the blessing of Abraham, to you and to your seed, so that the land of your wanderings, which God gave to Abraham, may be your heritage.
καὶ δόξai σοὶ τὴν εὐλογίαν αβρααμ τοῦ πατρὸς μου σοὶ καὶ τῷ σπέρματί σου μετὰ σέ κληρονομήσαι τὴν γῆν τῆς παρουκῆσεώς σου ἣν ἔδωκεν ὁ θεὸς τῷ αβρααμ
- 5 Se konsa Izarak fè Jakòb pati. Jakòb ale nan Mezopotami lakay Laban, pitit Betwèl, moun peyi Aram lan. Laban se te frè Rebeka, manman Jakòb ak Ezaou.
So Isaac sent Jacob away: and he went to Paddan-aram, to Laban, son of Bethuel the Aramaean, the brother of Rebekah, the mother of Jacob and Esau.
καὶ ἀπέστειλεν ἰσαακ τὸν ἰακωβ καὶ ἐπορεύθη εἰς τὴν μεσοποταμίαν πρὸς λαβαν τὸν υἱὸν βαθουηλ τοῦ σύρου ἀδελφὸν δὲ ρεβεκκας τῆς μητρὸς ἰακωβ καὶ ἦσαν
- 6 ¶ Ezaou vin konnen ki jan Izarak te beni Jakòb, ki jan li te voye l' Mezopotami al chache yon madanm. Li vin konnen tout lè Izarak t'ap beni Jakòb la, li te pase l' lòd sa a: Piga ou pran fi peyi Kanaran an pou madanm ou.
So when Esau saw that Isaac had given Jacob his blessing, and sent him away to Paddan-aram to get a wife for himself there, blessing him and saying to him, Do not take a wife from among the women of Canaan;
εἶδεν δὲ ἦσαν ὅτι εὐλόγησεν ἰσαακ τὸν ἰακωβ καὶ ἀπόχετο εἰς τὴν μεσοποταμίαν συρίας λαβεῖν ἑαυτῷ ἐκεῖθεν γυναῖκα ἐν τῷ εὐλογεῖν αὐτὸν καὶ ἐνετείλατο αὐτῷ λέγων οὐ λήμψη γυναῖκα ἀπὸ τῶν θυγατέρων χανααν
- 7 Ezaou te wè Jakob te obeyi papa l' ak manman l', li te pati pou Mezopotami.
And that Jacob had done as his father and mother said and had gone to Paddan-aram;
καὶ ἤκουσεν ἰακωβ τοῦ πατρὸς καὶ τῆς μητρὸς αὐτοῦ καὶ ἐπορεύθη εἰς τὴν μεσοποταμίαν συρίας
- 8 Konsa, Ezaou vin wè Izarak papa l' pa t' renmen fi peyi Kanaran yo.
It was clear to Esau that his father had no love for the women of Canaan,
καὶ εἶδεν ἦσαν ὅτι πονηραὶ εἰσιν αἱ θυγατέρες χανααν ἐναντίον ἰσαακ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ
- 9 Li leve, li ale lakay Izmayèl, lòt pitit gason Abraram lan, li pran yon lòt madanm mete sou sa li te genyen deja yo. Li marye ak Maalat, yonn nan pitit fi Izmayèl yo. Maalat sa a, se te sè Nebajòt.
So Esau went to Ishmael and took Mahalath, the daughter of Abraham's son Ishmael, the sister of Nebaioth, to be his wife in addition to the wives he had.
καὶ ἐπορεύθη ἦσαν πρὸς ἰσμαηλ καὶ ἔλαβεν τὴν μαελεθ θυγατέρα ἰσμαηλ τοῦ υἱοῦ αβρααμ ἀδελφὴν ναβαιωθ πρὸς ταῖς γυναῖξιν αὐτοῦ γυναῖκα

- 10 ¶ Jakòb kite Bècheba, li pati pou Karan.
So Jacob went out from Beer-sheba to go to Haran.
καὶ ἐξῆλθεν ἰακωβ ἀπὸ τοῦ φρέατος τοῦ ὄρκου καὶ ἐπορεύθη εἰς харран
- 11 Li rive yon kote, li rete pase nwit la la, paske sòlèy te fin kouche. Li pran yon wòch sèvi l' zòrye, epi li kouche atè a konsa pou l' dòmi.
And coming to a certain place, he made it his resting-place for the night, for the sun had gone down; and he took one of the stones which were there, and putting it under his head he went to sleep in that place.
καὶ ἀπήντησεν τόπῳ καὶ ἐκοιμήθη ἐκεῖ ἔδου γὰρ ὁ ἥλιος καὶ ἔλαβεν ἀπὸ τῶν λίθων τοῦ τόπου καὶ ἔθηκεν πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ καὶ ἐκοιμήθη ἐν τῷ τόπῳ ἐκεῖνον
- 12 Li fè yon rêv. Li reve li wè yon nechèl ki te kanpe de pye l' atè ak tèt li pèdi nan syèl la. Zanj Bondye yo t'ap moute desann sou nechèl la.
And he had a dream, and in his dream he saw steps stretching from earth to heaven, and the angels of God were going up and down on them.
καὶ ἐνουπνιάσθη καὶ ἰδοὺ κλίμαξ ἑστηρικμένη ἐν τῇ γῆ ἣς ἡ κεφαλὴ ἀφικνεῖτο εἰς τὸν οὐρανόν καὶ οἱ ἄγγελοι τοῦ θεοῦ ἀνέβαινον καὶ κατέβαινον ἐπ' αὐτῆς
- 13 Epi li wè Seyè a kanpe anwo nechèl la. Seyè a t'ap di: -Se mwen menm, Seyè a, Bondye Abraram, zansèt ou, ak Bondye Izarak. Ou wè tè kote ou kouche a, m'ap ba ou l' pou ou menm ansanm ak tout pitit pitit ou yo.
And he saw the Lord by his side, saying, I am the Lord, the God of Abraham your father, and the God of Isaac: I will give to you and to your seed this land on which you are sleeping.
ὁ δὲ κύριος ἐπεστήρικτο ἐπ' αὐτῆς καὶ εἶπεν ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς αβρααμ τοῦ πατρὸς σου καὶ ὁ θεὸς ἰσαακ μὴ φοβοῦ ἡ γῆ ἐφ' ἣς σὺ καθεύδεις ἐπ' αὐτῆς σοὶ δώσω αὐτήν καὶ τῷ σπέρματί σου
- 14 Pitit pitit ou yo pral menm kantite ak grenn pousyè ki sou latè. Yo pral gaye nan tout direksyon, lès, lwès, nò, sid. Ou menm ak tout pitit pitit ou yo, nou pral tounen yon benediksyon pou tout moun ki sou latè.
Your seed will be like the dust of the earth, covering all the land to the west and to the east, to the north and to the south: you and your seed will be a name of blessing to all the families of the earth.
καὶ ἔσται τὸ σπέρμα σου ὡς ἡ ἄμμος τῆς γῆς καὶ πλατυνθήσεται ἐπὶ θάλασσαν καὶ ἐπὶ λίβα καὶ ἐπὶ βορρᾶν καὶ ἐπ' ἀνατολάς καὶ ἐνευλογηθήσονται ἐν σοὶ πᾶσαι αἱ φυλαὶ τῆς γῆς καὶ ἐν τῷ σπέρματί σου
- 15 Pa bliye, m'ap toujou la avèk ou, m'ap voye je sou ou kote ou pase. M'ap fè ou tounen nan peyi sa a, paske mwen p'ap lage ou san m' pa fè tout sa mwen sot di ou la a.
And truly, I will be with you, and will keep you wherever you go, guiding you back again to this land; and I will not give you up till I have done what I have said to you.
καὶ ἰδοὺ ἐγὼ μετὰ σοῦ διαφυλάσσω σε ἐν τῇ ὁδῷ πάσης οὗ ἂν πορευθῆς καὶ ἀποστρέψω σε εἰς τὴν γῆν ταύτην ὅτι οὐ μὴ σε ἐγκαταλίπω ἕως τοῦ ποιῆσαί με πάντα ὅσα ἐλάλησά σοι
- 16 ¶ Jakòb leve nan dòmi an, li di: -Wè pa wè, Seyè a isit la, mwen pa t' konn sa.
And Jacob, awaking from his sleep, said, Truly, the Lord is in this place and I was not conscious of it.
καὶ ἐξηγέρθη ἰακωβ ἀπὸ τοῦ ὕπνου αὐτοῦ καὶ εἶπεν ὅτι ἔστιν κύριος ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ ἐγὼ δὲ οὐκ ᾔδειν
- 17 Msye vin pè, li di: -Isit la se yon kote pou moun respekte! Se pa lòt bagay, isit la se kay Bondye ak pòt syèl la.
And fear came on him, and he said, This is a holy place; this is nothing less than the house of God and the doorway of heaven.
καὶ ἐφοβήθη καὶ εἶπεν ὡς φοβερός ὁ τόπος οὗτος οὐκ ἔστιν τοῦτο ἀλλ' ἡ οἴκος θεοῦ καὶ αὕτη ἡ πύλη τοῦ οὐρανοῦ
- 18 Jakòb leve byen bònè, li pran wòch li te fè sèvi l' zòrye a, li plante l' tankou yon bòn tè, li vide lwil sou li pou mete l' apa pou Bondye.
And early in the morning Jacob took the stone which had been under his head, and put it up as a pillar and put oil on it.
καὶ ἀνέστη ἰακωβ τὸ πρωὶ καὶ ἔλαβεν τὸν λίθον ὃν ὑπέθηκεν ἐκεῖ πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ καὶ ἔστησεν αὐτὸν στήλην καὶ ἐπέχεεν ἔλαιον ἐπὶ τὸ ἄκρον αὐτῆς
- 19 Li rele kote sa a Betèl. (Anvan sa, lavil la te rele Louz.)
And he gave that place the name of Beth-el, but before that time the town was named Luz.
καὶ ἐκάλεσεν ἰακωβ τὸ ὄνομα τοῦ τόπου ἐκεῖνου οἴκος θεοῦ καὶ οὐλαμλους ἦν ὄνομα τῇ πόλει τὸ πρότερον
- 20 Jakòb fè yon pwomès bay Seyè a, li di: -Si Bondye toujou kanpe avèk mwen, si li voye je sou mwen nan tout vwayaj sa m'ap fè a, si li ban m' manje pou m' manje ak rad pou m' met sou mwen,
Then Jacob took an oath, and said, If God will be with me, and keep me safe on my journey, and give me food and clothing to put on,
καὶ ἠϋξάτο ἰακωβ εὐχὴν λέγων ἐάν ἦ κύριος ὁ θεὸς μετ' ἐμοῦ καὶ διαφυλάξῃ με ἐν τῇ ὁδῷ ταύτῃ ἢ ἐγὼ πορεύομαι καὶ δῶ μοι ἄρτον φαγεῖν καὶ ἱμάτιον περιβαλέσθαι
- 21 si l' fè m' tounen ak kè poze lakay papa m', Seyè a va Bondye m' vre.
So that I come again to my father's house in peace, then I will take the Lord to be my God,
καὶ ἀποστρέψῃ με μετὰ σωτηρίας εἰς τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς μου καὶ ἔσται μοι κύριος εἰς θεόν
- 22 Wòch sa a mwen plante nan tè tankou bòn lan va sèvi kay pou Bondye. m'a ba ou yon dizyèm nan tout sa ou va ban mwen.
And this stone which I have put up for a pillar will be God's house: and of all you give me, I will give a tenth part to you.
καὶ ὁ λίθος οὗτος ὃν ἔστησα στήλην ἔσται μοι οἴκος θεοῦ καὶ πάντων ὧν ἐάν μοι δῶς δεκάτην ἀποδεκατώσω αὐτά σοι .

- 1 ¶ Jakòb pran mache ankò, li ale nan direksyon peyi moun ki rete bò kote solèy leve a.
Then Jacob went on his journey till he came to the land of the children of the East.
καὶ ἐξάρas ιακωβ τοὺς πόδας ἐπορεύθη εἰς γῆν ἀνατολῶν πρὸς λαβαν τὸν υἱὸν βαθουηλ τοῦ σύρου ἀδελφὸν δὲ ρεβεκκας μητρὸς ιακωβ καὶ ἦσαν
- 2 Li rete konsa, li wè yon pi nan mitan savann lan. Te gen twa bann mouton ki te kouche bò pi a. Se nan pi sa a yo te konn pran dlo pou bay bèt yo bwè. Men te gen yon gwo wòch ki te bouche bouch pi a.
And there he saw a water-hole in a field, and by the side of it three flocks of sheep, for there they got water for the sheep: and on the mouth of the water-hole there was a great stone.
καὶ ὄρᾱ καὶ ἰδοὺ φρέαρ ἐν τῷ πεδίῳ ἦσαν δὲ ἐκεῖ τρία ποίμνια προβάτων ἀναπαυόμενα ἐπ' αὐτοῦ ἐκ γὰρ τοῦ φρέατος ἐκείνου ἐπότιζον τὰ ποίμνια λίθος δὲ ἦν μέγας ἐπὶ τῷ στόματι τοῦ φρέατος
- 3 Lè tout bèt yo te sanble, gadò yo te met ansanm pou wete wòch la sou bouch pi a pou fè bèt yo bwè. Apre sa, yo tounen met kouvèti a sou bouch pi a ankò.
And all the flocks would come together there, and when the stone had been rolled away, they would give the sheep water, and put the stone back again in its place on the mouth of the water-hole.
καὶ συνήγοντο ἐκεῖ πάντα τὰ ποίμνια καὶ ἀπεκύλιον τὸν λίθον ἀπὸ τοῦ στόματος τοῦ φρέατος καὶ ἐπότιζον τὰ πρόβατα καὶ ἀπεκαθίστων τὸν λίθον ἐπὶ τὸ στόμα τοῦ φρέατος εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ
- 4 Jakòb mande gadò mouton yo konsa: -Zanmi m' yo, moun ki bò nou ye? Yo reponn li: -Nou se moun Karan.
Then Jacob said to the herdmen, My brothers, where do you come from? And they said, From Haran.
εἶπεν δὲ αὐτοῖς ιακωβ ἀδελφοί πόθεν ἐστὲ ὑμεῖς οἱ δὲ εἶπαν ἐκ χαρραν ἐσμέν
- 5 Li di yo: -Eske nou konnen Laban, pitit Nakò a? Yo reponn li: -Men wi, nou konnen l'.
And he said to them, Have you any knowledge of Laban, the son of Nahor? And they said, We have.
εἶπεν δὲ αὐτοῖς γινώσκετε λαβαν τὸν υἱὸν ναχωρ οἱ δὲ εἶπαν γινώσκουμεν
- 6 Li mande yo: -Ban m' nouwèl li non. Li byen? Yo reponn li: -Li byen wi. Gade, men Rachèl, pitit fi li a, k'ap vini ak bann mouton li yo.
And he said to them, Is he well? And they said, He is well, and here is Rachel his daughter coming with the sheep.
εἶπεν δὲ αὐτοῖς ὑγιαίνει οἱ δὲ εἶπαν ὑγιαίνει καὶ ἰδοὺ ραχηλ ἡ θυγάτηρ αὐτοῦ ἦρχετο μετὰ τῶν προβάτων
- 7 Jakòb di yo: -Men, solèy la byen wo toujou, se poko lè pou nou antre mouton yo. Sak fè nou pa bay yo bwè, epi nou ta tounen mete yo nan manje?
Then Jacob said, The sun is still high and it is not time to get the cattle together: get water for the sheep and go and give them their food.
καὶ εἶπεν ιακωβ ἔτι ἐστὶν ἡμέρα πολλή οὕπω ὥρα συναχθῆναι τὰ κτήνη ποτίσαντες τὰ πρόβατα ἀπελθόντες βόσκετε
- 8 Yo reponn li: -Nou pa ka fè sa. Fòk nou tann tout bann mouton yo sanble. Atòkile, nou tout n'a met men ansanm pou n' woule wòch ki sou bouch pi a. Se lè sa a n'a bay mouton yo bwè.
And they said, We are not able to do so till all the flocks have come together and the stone has been rolled away from the mouth of the water-hole; then we will get water for the sheep.
οἱ δὲ εἶπαν οὐ δυνασόμεθα ἕως τοῦ συναχθῆναι πάντας τοὺς ποιμένας καὶ ἀποκυλίωσιν τὸν λίθον ἀπὸ τοῦ στόματος τοῦ φρέατος καὶ ποτιοῦμεν τὰ πρόβατα
- 9 ¶ Jakòb t'ap pale ak yo toujou lè Rachèl vin rive ak bann mouton papa l' yo. Se li menm ki te gade mouton l' yo pou li.
While he was still talking with them, Rachel came with her father's sheep, for she took care of them.
ἔτι αὐτοῦ λαλοῦντος αὐτοῖς καὶ ραχηλ ἡ θυγάτηρ λαβαν ἦρχετο μετὰ τῶν προβάτων τοῦ πατρὸς αὐτῆς αὐτὴ γὰρ ἔβοσκεν τὰ πρόβατα τοῦ πατρὸς αὐτῆς
- 10 Kou Jakòb wè Rachèl, pitit fi Laban, frè manman l' lan, avèk bann mouton Laban yo, li pwoche, li woule wòch ki te sou bouch pi a, li bay bann mouton Laban yo bwè.
Then when Jacob saw Rachel, the daughter of Laban, his mother's brother, coming with Laban's sheep, he came near, and rolling the stone away from the mouth of the hole, he got water for Laban's flock.
ἐγένετο δὲ ὡς εἶδεν ιακωβ τὴν ραχηλ θυγατέρα λαβαν ἀδελφοῦ τῆς μητρὸς αὐτοῦ καὶ τὰ πρόβατα λαβαν ἀδελφοῦ τῆς μητρὸς αὐτοῦ καὶ προσελθὼν ιακωβ ἀπεκύλισεν τὸν λίθον ἀπὸ τοῦ στόματος τοῦ φρέατος καὶ ἐπότισεν τὰ πρόβατα λαβαν τοῦ ἀδελφοῦ τῆς μητρὸς αὐτοῦ
- 11 Lè l' fini, li bo Rachèl. Apre sa, li pran kriye.
And weeping for joy, Jacob gave Rachel a kiss.
καὶ ἐφίλησεν ιακωβ τὴν ραχηλ καὶ βοήσας τῇ φωνῇ αὐτοῦ ἔκλαυσεν
- 12 Jakòb fè Rachèl konnen se ti fanmi Laban li ye, pitit Rebeka, sè Laban an. Rachèl kouri al di papa l' sa.
And Rachel, hearing from Jacob that he was her father's relation and that he was the son of Rebekah, went running to give her father news of it.
καὶ ἀνήγγειλεν τῇ ραχηλ ὅτι ἀδελφὸς τοῦ πατρὸς αὐτῆς ἐστὶν καὶ ὅτι υἱὸς ρεβεκκας ἐστὶν καὶ δραμοῦσα ἀπήγγειλεν τῷ πατρὶ αὐτῆς κατὰ τὰ ῥήματα ταῦτα
- 13 Lè Laban tande se pitit sè li a, li kouri al jwenn li. Li pran l', li pase men nan kou l', li bo l', epi li mennen l' lakay li. Rive yo rive Jakòb rakonte l' tout sak te pase.
And Laban, hearing news of Jacob, his sister's son, came running, and took Jacob in his arms, and kissing him, made him come into his house. And Jacob gave him news of everything.
ἐγένετο δὲ ὡς ἤκουσεν λαβαν τὸ ὄνομα ιακωβ τοῦ υἱοῦ τῆς ἀδελφῆς αὐτοῦ ἔδραμεν εἰς συνάντησιν αὐτῷ καὶ περιλαβὼν αὐτὸν ἐφίλησεν καὶ εἰσῆγαγεν αὐτὸν εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ καὶ διηγήσατο τῷ λαβαν πάντα τοὺς λόγους τούτους

- 14 Lè sa a, Laban di l': -Aa wi, se ras mwen ou ye vre. Jakòb rete pase yon mwa lakay Laban.
And Laban said to him, Truly, you are my bone and my flesh. And he kept Jacob with him for the space of a month.
καὶ εἶπεν αὐτῷ λαβαν ἐκ τῶν ὀστέων μου καὶ ἐκ τῆς σαρκός μου εἰ σύ καὶ ἦν μετ' αὐτοῦ μῆνα ἡμερῶν
- 15 ¶ Laban mande Jakòb: -Ou se fanmi m', se vre. Men, sa pa vle di fòk ou sevi m' gratis pou sa. Di m' konbe pou m' peye ou?
Then Laban said to Jacob, Because you are my brother are you to be my servant for nothing? say now, what is your payment to be?
εἶπεν δὲ λαβαν τῷ ἰακωβ ὅτι γὰρ ἀδελφός μου εἰ οὐ δουλεύσεις μοι δωρεάν ἀπάγγελόν μοι τίς ὁ μισθός σου ἔστιν
- 16 Laban te gen de pitit fi. Pi gran an te rele Leya, pi piti a te rele Rachèl.
Now Laban had two daughters: the name of the older was Leah, and the name of the younger was Rachel.
τῷ δὲ λαβαν δύο θυγατέρες ὄνομα τῇ μεῖζονι λεια καὶ ὄνομα τῇ νεωτέρᾳ ραχὴλ
- 17 Leya te gen je pichpich, men Rachèl te gen bèl fòm kò, li te bèl anpil.
And Leah's eyes were clouded, but Rachel was fair in face and form.
οἱ δὲ ὀφθαλμοὶ λειας ἀσθενεῖς ραχὴλ δὲ καλὴ τῷ εἶδει καὶ ὠραία τῇ ὄψει
- 18 Jakòb te renmen Rachèl. Li reponn Laban: M'ap sèvi avè ou sèt lanne pou Rachèl, dezyèm pitit fi ou la.
And Jacob was in love with Rachel; and he said, I will be your servant seven years for Rachel, your younger daughter.
ἠγάπησεν δὲ ἰακωβ τὴν ραχὴλ καὶ εἶπεν δουλεύσω σοι ἑπτὰ ἔτη περὶ ραχὴλ τῆς θυγατρὸς σου τῆς νεωτέρας
- 19 Laban di l': Pito se ou menm mwen bay li pase m' bay yon lòt moun li. Ou mèt rete lakay mwen.
And Laban said, It is better for you to have her than another man: go on living here with me.
εἶπεν δὲ αὐτῷ λαβαν βέλτιον δοῦναί με αὐτὴν σοὶ ἢ δοῦναί με αὐτὴν ἀνδρὶ ἑτέρῳ οἴκησον μετ' ἐμοῦ
- 20 Se konsa Jakòb pase sètan ap travay kay Laban pou l' te ka marye ak Rachèl. Sèt lanne yo te pase tankou dlo, paske li te renmen ti fi a.
And Jacob did seven years' work for Rachel; and because of his love for her it seemed to him only a very little time.
καὶ ἐδούλευσεν ἰακωβ περὶ ραχὴλ ἔτη ἑπτὰ καὶ ἦσαν ἐναντίον αὐτοῦ ὡς ἡμέραι ὀλίγαι παρὰ τὸ ἀγαπᾶν αὐτὸν αὐτὴν
- 21 Lè lè a rive, Jakòb di Laban: -Bon. Li lè atò pou ou ban m' pitit fi ou la pou m' ka marye avè l'.
Then Jacob said to Laban, Give me my wife so that I may have her, for the days are ended.
εἶπεν δὲ ἰακωβ πρὸς λαβαν ἀπόδος τὴν γυναῖκά μου πεπλήρωνται γὰρ αἱ ἡμέραι μου ὅπως εἰσέλθω πρὸς αὐτήν
- 22 Se konsa Laban fè yon gwo resepsyon nòs, li envite tout moun nan kanton an.
And Laban got together all the men of the place and gave a feast.
συνήγαγεν δὲ λαβαν πάντας τοὺς ἀνδρας τοῦ τόπου καὶ ἐποίησεν γάμον
- 23 Men aswè, li te pran Leya, pitit fi li a, li mennen l' bay Jakòb ki kouche avè l'.
And in the evening he took Leah, his daughter, and gave her to him, and he went in to her.
καὶ ἐγένετο ἑσπέρα καὶ λαβὼν λαβαν λειαν τὴν θυγατέρα αὐτοῦ εἰσήγαγεν αὐτὴν πρὸς ἰακωβ καὶ εἰσήλθεν πρὸς αὐτὴν ἰακωβ
- 24 Laban te pran Zilpa, yonn nan sèvant li yo, li bay Leya pou sèvant pa li.
And Laban gave Zilpah, his servant-girl, to Leah, to be her waiting-woman.
ἔδωκεν δὲ λαβαν λεια τῇ θυγατρὶ αὐτοῦ ζελφαν τὴν παιδίσκην αὐτοῦ αὐτῇ παιδίσκην
- 25 Nan denmen maten, Jakòb vin wè se Leya yo te ba li. Li di Laban: -Kisa ou fè m' konsa? Eske se pa pou Rachèl mwen te sèvi avèk ou? Poukisa ou ban m' koutba sa a?
And in the morning Jacob saw that it was Leah: and he said to Laban, What have you done to me? was I not working for you so that I might have Rachel? why have you been false to me?
ἐγένετο δὲ πρωὶ καὶ ἰδοὺ ἦν λεια εἶπεν δὲ ἰακωβ τῷ λαβαν τί τοῦτο ἐποίησάς μοι οὐ περὶ ραχὴλ ἐδούλευσα παρὰ σοὶ καὶ ἵνα τί παρελόγισω με
- 26 Laban di l': -Se pa koutim nou isit pou n' marye ti sè anvan gran sè.
And Laban said, In our country we do not let the younger daughter be married before the older.
εἶπεν δὲ λαβαν οὐκ ἔστιν οὕτως ἐν τῷ τόπῳ ἡμῶν δοῦναί τὴν νεωτέραν πρὶν ἢ τὴν πρεσβυτέραν
- 27 Tann senmenn lan fin pase. Lè sa a, n'a fin fete nòs la. Apre sa, m'a ba ou Rachèl, si ou dakò pou sèvi avè m' pandan sèt lòt lanne ankò.
Let the week of the bride-feast come to its end and then we will give you the other in addition, if you will be my servant for another seven years.
συντέλεσον οὖν τὰ ἑβδομα ταύτης καὶ δώσω σοὶ καὶ ταύτην ἀντὶ τῆς ἐργασίας ἧς ἐργᾶ παρ' ἐμοὶ ἔτι ἑπτὰ ἔτη ἕτερα

- 28 Jakòb tonbe dakò. Lè senmenn fèt la fin pase, Laban pran lòt pitit fi l' la, Rachèl, li bay Jakòb li pou madanm tou.
And Jacob did so; and when the week was ended, Laban gave him his daughter Rachel for his wife.
εποίησεν δὲ ἰακωβ οὕτως καὶ ἀνεπλήρωσεν τὰ ἑβδομα ταύτης καὶ ἔδωκεν αὐτῷ λαβαν ραχηλ τὴν θυγατέρα αὐτοῦ αὐτῷ γυναῖκα
- 29 Laban pran Bila, yonn nan sèvant li yo, li bay Rachèl li pou sèvant li.
And Laban gave Rachel his servant-girl Bilhah to be her waiting-woman.
ἔδωκεν δὲ λαβαν ραχηλ τῇ θυγατρὶ αὐτοῦ βαλλαν τὴν παιδίσκην αὐτοῦ αὐτῇ παιδίσκην
- 30 Jakòb kouche ak Rachèl. Li te renmen l' pi plis pase Leya. Li sèvi ak Laban pandan sèt lanne ankò.
Then Jacob took Rachel as his wife, and his love for her was greater than his love for Leah; and he went on working for Laban for another seven years.
καὶ εἰσήλθεν πρὸς ραχηλ ἠγάπησεν δὲ ραχηλ μᾶλλον ἢ λειαν καὶ ἐδοῦλευσεν αὐτῷ ἑπτὰ ἔτη ἕτερα
- 31 ¶ Lè Seyè a wè jan Jakòb pa t' renmen Leya, li fè l' fè pitit. Men, Rachèl pa t' kapab fè pitit.
Now the Lord, seeing that Leah was not loved, gave her a child; while Rachel had no children.
ἰδὼν δὲ κύριος ὅτι μισεῖται λεια ἤνοιξεν τὴν μήτραν αὐτῆς ραχηλ δὲ ἦν στειρα
- 32 Leya vin ansent, li fè yon pitit gason, li di: -Seyè a wè jan m'ap soufri. Koulye a, mari m' va renmen m'. Se konsa li rele l' Woubenn.
And Leah was with child, and gave birth to a son to whom she gave the name Reuben: for she said, The Lord has seen my sorrow; now my husband will have love for me.
καὶ συνέλαβεν λεια καὶ ἔτεκεν υἱὸν τῷ ἰακωβ ἐκάλεσεν δὲ τὸ ὄνομα αὐτοῦ ρουβην λέγουσα διότι εἶδέν μου κύριος τὴν ταπεινώσιν νῦν με ἀγαπήσει ὁ ἀνὴρ μου
- 33 Leya vin ansent ankò, li fè yon lòt gason. Li di: -Seyè a ban m' yon lòt gason ankò, paske li wè jan mari m' pa renmen m' menm. Se konsa li rele l' Simeyon.
Then she became with child again, and gave birth to a son; and said, Because it has come to the Lord's ears that I am not loved, he has given me this son in addition: and she gave him the name Simeon.
καὶ συνέλαβεν πάλιν λεια καὶ ἔτεκεν υἱὸν δευτέρον τῷ ἰακωβ καὶ εἶπεν ὅτι ἤκουσεν κύριος ὅτι μισοῦμαι καὶ προσέδωκέν μοι καὶ τοῦτον ἐκάλεσεν δὲ τὸ ὄνομα αὐτοῦ σιμεων
- 34 Li vin ansent yon twazyèm fwa, li fè yon lòt pitit gason ankò. Li di: -Fwa sa a, mari m' pral rete avè m' nèt paske mwen fè twa pitit gason pou li. Se konsa li rele l' Levi.
And she was with child again, and gave birth to a son; and said, Now at last my husband will be united to me, because I have given him three sons: so he was named Levi.
καὶ συνέλαβεν ἔτι καὶ ἔτεκεν υἱὸν καὶ εἶπεν ἐν τῷ νῦν καιρῷ πρὸς ἐμοῦ ἔσται ὁ ἀνὴρ μου ἔτεκεν γὰρ αὐτῷ τρεῖς υἱούς διὰ τοῦτο ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ λευι
- 35 Apre sa, li vin ansent ankò, li fè yon lòt pitit gason. Li di: -Fwa sa a, m'ap fè lwanj Seyè a. Se konsa li rele l' Jida. Apre sa, Leya sispann fè pitit.
And she was with child again, and gave birth to a son: and she said, This time I will give praise to the Lord: so he was named Judah; after this she had no more children for a time.
καὶ συλλαβοῦσα ἔτι ἔτεκεν υἱὸν καὶ εἶπεν νῦν ἔτι τοῦτο ἐξομολογήσομαι κυρίῳ διὰ τοῦτο ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰουδα καὶ ἔσται τοῦ τίκτειν
- 1 ¶ Lè Rachèl wè li pa t' kapab fè pitit pou Jakòb, li vin gen yon sèl jalouzi kont sè li a, li di Jakòb: -Fè m' fè pitit! Si se pa sa m'ap mouri sou kont ou!
Now Rachel, because she had no children, was full of envy of her sister; and she said to Jacob, If you do not give me children I will not go on living.
ἰδοῦσα δὲ ραχηλ ὅτι οὐ τέτοκεν τῷ ἰακωβ καὶ ἐζήλωσεν ραχηλ τὴν ἀδελφὴν αὐτῆς καὶ εἶπεν τῷ ἰακωβ δός μοι τέκνα εἰ δὲ μὴ τελευτήσω ἐγώ
- 2 Jakòb fè kòlè sou Rachèl, li di li: -Eske se mwen ki Bondye? Se li menm ki anpeche ou fè pitit.
But Jacob was angry with Rachel, and said, Am I in the place of God, who has kept your body from having fruit?
ἐθυμώθη δὲ ἰακωβ τῇ ραχηλ καὶ εἶπεν αὐτῇ μὴ ἀντι θεοῦ ἐγώ εἰμι ὃς ἐστέρησέν σε καρπὸν κοιλίας
- 3 Rachèl di li: -Bon. Men Bila, sèvant mwen an. Kouche avè l'. La fè yon pitit pou mwen. Konsa, gremesi Bila, m'a gen pitit tou.
Then she said, Here is my servant Bilhah, go in to her, so that she may have a child on my knees, and I may have a family by her.
εἶπεν δὲ ραχηλ τῷ ἰακωβ ἰδοὺ ἡ παιδίσκη μου βαλλα εἰσελθε πρὸς αὐτήν καὶ τέξεται ἐπὶ τῶν γονάτων μου καὶ τεκνοποιήσομαι καγὼ ἐξ αὐτῆς
- 4 Se konsa, Rachèl te pran sèvant li a, li bay Jakòb pou madanm. Jakòb kouche ak Bila.
So she gave him her servant Bilhah as a wife, and Jacob went in to her.
καὶ ἔδωκεν αὐτῷ βαλλαν τὴν παιδίσκην αὐτῆς αὐτῷ γυναῖκα εἰσήλθεν δὲ πρὸς αὐτήν ἰακωβ
- 5 Bila vin ansent, li fè yon ti gason pou Jakòb.
And Bilhah became with child, and gave birth to a son.
καὶ συνέλαβεν βαλλα ἡ παιδίσκη ραχηλ καὶ ἔτεκεν τῷ ἰακωβ υἱόν
- 6 Lè sa a, Rachèl di: -Seyè a rann mwen jistis. Li tande vwa mwen. Li ban m' yon gason. Se poutèt sa Rachèl te rele pitit la Dann.
Then Rachel said, God has been my judge, and has given ear to my voice, and has given me a son; so he was named Dan.
καὶ εἶπεν ραχηλ ἔκρινέν μοι ὁ θεὸς καὶ ἐπήκουσεν τῆς φωνῆς μου καὶ ἔδωκέν μοι υἱόν διὰ τοῦτο ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ δαν

- 7 Apre sa, Bila, sèvant Rachèl la, vin ansent ankò, li fè yon dezyèm gason pou Jakòb.
And again Bilhah, Rachel's servant, was with child, and gave birth to a second son.
καὶ συνέλαβεν ἔτι βάλλα ἢ παιδίσκη ραχηλ καὶ ἔτεκεν υἱὸν δεύτερον τῷ ἰακωβ
- 8 Rachèl di: -Mwen t'ap mennen yon gwo batay kont sè m' lan devan Bondye. Men se mwen ki genyen. Se konsa li rele pitit la Nèftali.
And Rachel said, I have had a great fight with my sister, and I have overcome her: and she gave the child the name Naphtali.
καὶ εἶπεν ραχηλ συνέλάβετό μοι ὁ θεός καὶ συνανεστράφην τῇ ἀδελφῇ μου καὶ ἠδυνάσθην καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ νεφθαλι
- 9 Lè Leya wè li te sispann fè pitit, li pran Zilpa, sèvant li a, bay Jakòb pou madanm tou.
When it was clear to Leah that she would have no more children for a time, she gave Zilpah, her servant, to Jacob as a wife.
εἶδεν δὲ λεια ὅτι ἔστη τοῦ τίκτειν καὶ ἔλαβεν ζελφαν τὴν παιδίσκην αὐτῆς καὶ ἔδωκεν αὐτὴν τῷ ἰακωβ γυναῖκα
- 10 Zilpa, sèvant Leya a, fè yon ti gason pou Jakòb.
And Zilpah, Leah's servant, gave birth to a son.
εἰσῆλθεν δὲ πρὸς αὐτὴν ἰακωβ καὶ συνέλαβεν ζελφα ἢ παιδίσκη λειας καὶ ἔτεκεν τῷ ἰακωβ υἱὸν
- 11 Leya di: -Ala fanm gen chans se mwen menm! Se konsa li rele pitit la Gad.
And Leah said, It has gone well for me: and she gave him the name Gad.
καὶ εἶπεν λεια ἐν τύχῃ καὶ ἐπωνόμασεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ γαδ
- 12 Zilpa, sèvant Lea a, fè yon dezyèm pitit gason pou Jakòb.
And Zilpah, Leah's servant, gave birth to a second son.
καὶ συνέλαβεν ζελφα ἢ παιδίσκη λειας καὶ ἔτεκεν ἔτι τῷ ἰακωβ υἱὸν δεύτερον
- 13 Leya di konsa: -Ala benediksyon mwen jwenn! Koulye a medam yo pral di jan mwen se yon fanm ki beni. Se konsa li rele pitit la Asè.
And Leah said, Happy am I! and all women will give witness to my joy: and she gave him the name Asher.
καὶ εἶπεν λεια μακαρία ἐγὼ ὅτι μακαρίζουσίν με αἱ γυναῖκες καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ασιρ
- 14 ¶ Pandan rekòt ble a, Woubenn soti al nan jaden, li jwenn kèk mandragò. Li pote rasen yo bay Leya, manman li. Rachèl di Leya konsa: -Tanpri, ban m' kèk moso rasen mandragò pitit ou pote pou ou a.
Now at the time of the grain-cutting, Reuben saw some love-fruits in the field, and took them to his mother Leah. And Rachel said to her, Let me have some of your son's love-fruits.
ἐπορεύθη δὲ ρουβην ἐν ἡμέραις θερισμοῦ πυρῶν καὶ εὔρεν μήλα μανδραγόρου ἐν τῷ ἀγρῷ καὶ ἤνεγκεν αὐτὰ πρὸς λειαν τὴν μητέρα αὐτοῦ εἶπεν δὲ ραχηλ τῇ λεια δός μοι τῶν μανδραγορῶν τοῦ υἱοῦ σου
- 15 Leya reponn li: -Atò ou pa fè m' ase? Ou fin pran mari m', koulye a ou vle pran mandragò pitit gason m' lan tou? Rachèl di l': -Enben, Jakòb va kouche avè ou aswè a pou mandragò pitit gason ou lan.
But Leah said to her, Is it a small thing that you have taken my husband from me? and now would you take my son's love-fruits? Then Rachel said, You may have him tonight in exchange for your son's love-fruits.
εἶπεν δὲ λεια οὐχ ἰκανόν σοι ὅτι ἔλαβες τὸν ἄνδρα μου μὴ καὶ τοὺς μανδραγόρας τοῦ υἱοῦ μου λήμψη εἶπεν δὲ ραχηλ οὐχ οὕτως κοιμηθήτω μετὰ σοῦ τὴν νύκτα ταύτην ἀντὶ τῶν μανδραγορῶν τοῦ υἱοῦ σου
- 16 Nan aswè, lè Jakòb parèt sot nan jaden, Leya soti al kontre l', li di l' konsa: -Se pou ou vin kouche avè m' aswè a, paske mwen bay mandragò pitit gason m' lan pou sa. Se konsa, jou swa sa a, Jakòb kouche avèk Leya.
In the evening, when Jacob came in from the field, Leah went out to him and said, Tonight you are to come to me, for I have given my son's love-fruits as a price for you. And he went in to her that night.
εἰσῆλθεν δὲ ἰακωβ ἐξ ἀγροῦ ἑσπέρας καὶ ἐξῆλθεν λεια εἰς συνάντησιν αὐτῷ καὶ εἶπεν πρὸς με εἰσελεύση σήμερον μεμίσθωμαι γάρ σε ἀντὶ τῶν μανδραγορῶν τοῦ υἱοῦ μου καὶ ἐκοιμήθη μετ' αὐτῆς τὴν νύκτα ἐκείνην
- 17 Bondye reponn lapriyè Leya a. Li vin ansent, epi li fè yon senkyèm pitit gason pou Jakòb.
And God gave ear to her and she became with child, and gave Jacob a fifth son.
καὶ ἐπήκουσεν ὁ θεός λειας καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν τῷ ἰακωβ υἱὸν πέμπτον
- 18 Leya di: -Bondye ban m' sa m' merite a, paske mwen te bay mari m' sèvant mwen an pou madanm. Se konsa, Leya rele pitit gason an Isaka.
Then Leah said, God has made payment to me for giving my servant-girl to my husband: so she gave her son the name Issachar.
καὶ εἶπεν λεια ἔδωκεν ὁ θεός τὸν μισθόν μου ἀνθ' οὗ ἔδωκα τὴν παιδίσκην μου τῷ ἀνδρὶ μου καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰσσαχαρ ὃ ἐστὶν μισθός

- 19 Leya vin ansent ankò, li fè yon sizyèm pitit gason pou Jakòb.
And again Leah became with child, and she gave Jacob a sixth son.
καὶ συνέλαβεν ἔτι λεία καὶ ἔτεκεν υἱὸν ἕκτον τῷ ἰακωβ
- 20 Leya di: -Bondye fè m' yon bèl kado. Fwa sa a, mari m' pral pou mwen nèt, paske mwen fè sis pitit gason pou li. Se konsa li rele pitit la Zabilon.
And she said, God has given me a good bride-price; now at last will I have my husband living with me, for I have given him six sons: and she gave him the name Zebulun.
καὶ εἶπεν λεία δεδώρηται μοι ὁ θεὸς δῶρον καλὸν ἐν τῷ νῦν καιρῷ αἰρετιεῖ με ὁ ἀνὴρ μου ἔτεκεν γὰρ αὐτῷ υἱοὺς ἕξ καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ζαβουλων
- 21 Apre sa, li fè yon pitit fi. Li rele l' Dena.
After that she had a daughter, to whom she gave the name Dinah.
καὶ μετὰ τοῦτο ἔτεκεν θυγατέρα καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτῆς δινα
- 22 Lè sa a, Bondye vin chonje Rachèl, li reponn lapriyè li, li fè l' ka fè pitit.
Then God gave thought to Rachel, and hearing her prayer he made her fertile.
ἐμνήσθη δὲ ὁ θεὸς τῆς ραχὴλ καὶ ἐπήκουσεν αὐτῆς ὁ θεὸς καὶ ἀνέωξεν αὐτῆς τὴν μήτραν
- 23 Se konsa Rachèl vin ansent, li fè yon pitit gason. Li di: -Bondye fè yo sispann pase m' nan rizib.
And she was with child, and gave birth to a son: and she said, God has taken away my shame.
καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν τῷ ἰακωβ υἱὸν εἶπεν δὲ ραχὴλ ἀφείλεν ὁ θεὸς μου τὸ ὄνειδος
- 24 Epi Rachèl rele pitit gason an Jozèf, paske li te di: -Se pou Seyè a ba m' yon lòt gason ankò.
And she gave him the name Joseph, saying, May the Lord give me another son.
καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰωσήφ λέγουσα προσθέτω ὁ θεός μου υἱὸν ἕτερον
- 25 ¶ Apre Rachèl te fè Jozèf, Jakòb di Laban konsa: -Kite m' pati pou m ale lakay mwen nan peyi mwen.
Now after the birth of Joseph, Jacob said to Laban, Let me go away to my place and my country.
ἐγένετο δὲ ὡς ἔτεκεν ραχὴλ τὸν ἰωσήφ εἶπεν ἰακωβ τῷ λαβαν ἀποστείλόν με ἵνα ἀπέλθω εἰς τὸν τόπον μου καὶ εἰς τὴν γῆν μου
- 26 Ban mwen madanm mwen yo ansanm ak timoun yo pou m' ka ale, paske se pou yo mwen t'ap sèvi ak ou. Ou konnen tout kantite sèvis mwen rann ou.
Give me my wives and my children, for whom I have been your servant, and let me go: for you have knowledge of all the work I have done for you.
ἀπόδος τὰς γυναῖκάς μου καὶ τὰ παιδιά περι ὧν δεδούλευκά σοι ἵνα ἀπέλθω σὺ γὰρ γινώσκεις τὴν δουλείαν ἣν δεδούλευκά σοι
- 27 Laban reponn li: -Fè m' plezi sa a: mwen rekonèt se poutèt ou Seyè a beni m' tout beni sa a.
And Laban said, If you will let me say so, do not go away; for I have seen by the signs that the Lord has been good to me because of you.
εἶπεν δὲ αὐτῷ λαβαν εἰ εὖρον χάριν ἐναντίον σου οἰωνισάμην ἂν εὐλόγησεν γὰρ με ὁ θεὸς τῆ σῆ εισόδῳ
- 28 Di m' sa pou m' peye ou, m'a ba ou li.
Say then what your payment is to be and I will give it.
διάστειλον τὸν μισθόν σου πρὸς με καὶ δώσω
- 29 Jakòb di l': -Ou konnen jan mwen sèvi avè ou. Ou wè ki jan bann bèt ou yo peple depi yo nan men m'.
Then Jacob said, You have seen what I have done for you, and how your cattle have done well under my care.
εἶπεν δὲ αὐτῷ ἰακωβ σὺ γινώσκεις ἃ δεδούλευκά σοι καὶ ὅσα ἦν κτήνη σου μετ' ἐμοῦ
- 30 Ti sa ou te genyen anvan m' te vini an tounen yon kantite depi mwen mete pye m' isit la. Akòz mwen Seyè a pa manke beni ou. Alekile, li lè pou m' al travay pou tèt pa mwen.
For before I came you had little, and it has been greatly increased; and the Lord has given you a blessing in everything I have done; but when am I to do something for my family?
μικρὰ γὰρ ἦν ὅσα σοι ἦν ἐναντίον ἐμοῦ καὶ ἠὺξήθη εἰς πλῆθος καὶ ἠεὶ ἐλόγησέν σε κύριος ἐπὶ τῷ ποδί μου νῦν οὖν πότε ποιήσω κἀγὼ ἐμαυτῷ οἶκον
- 31 Laban di l': -Kisa pou m' ba ou? Jakòb reponn li: -Ou pa bezwen peye m' pou sa. Men si ou dakò avèk sa mwen pral di ou la, m'a rete ankò pou okipe bèt ou yo.
And Laban said, What am I to give you? And Jacob said, Do not give me anything; but I will again take up the care of your flock if you will only do this for me:
καὶ εἶπεν αὐτῷ λαβαν τί σοι δώσω εἶπεν δὲ αὐτῷ ἰακωβ οὐ δώσεις μοι οὐθέν ἐν ποιήσῃς μοι τὸ ῥῆμα τοῦτο πάλιν ποιμανῶ τὰ πρόβατά σου καὶ φυλάξω
- 32 Jòdi a, mwen pral pwonmennen mache nan mitan tout bèt ou yo. M'ap pran tout ti mouton nwa, ak tout ti kabrit ki takte osinon pentle yo, m'ap mete yo apa. Se sa ase w'a ban mwen pou sèvis mwen.
Let me go through all your flock today, taking out from among them all the sheep which are marked or coloured or black, and all the marked or coloured goats: these will be my payment.
παρελθάτω πάντα τὰ πρόβατά σου σήμερον καὶ διαχώρισον ἐκεῖθεν πᾶν πρόβατον φαιὸν ἐν τοῖς ἀρνάσιν καὶ πᾶν διάλευκον καὶ ῥαντὸν ἐν ταῖς αἰξίν ἔσται μοι μισθός

- 33 Lè w'a vin wè sa ou dakò ban mwen an, w'a konnen si m' te fè vis, wi ou non. Lè w'a vin kontwole sa ki pou mwen yo, si mwen gen yon mouton ki pa nwa, osinon yon kabrit ki pa takte ou ki pa pentle, ou mèt konnen se vòlè mwen vòlè ou.
 And so you will be able to put my honour to the test in time to come; if you see among my flocks any goats which are not marked or coloured, or any sheep which is not black, you may take me for a thief.
 και ἐπακούσεται μοι ἡ δικαιοσύνη μου ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ αὐρίῳν ὅτι ἐστὶν ὁ μισθός μου ἐνώπιόν σου πᾶν ὃ ἐὰν μὴ ᾦ ῥαντὸν καὶ διάλευκον ἐν ταῖς αἰζίν καὶ φαιὸν ἐν τοῖς ἀρνάσιν κεκλεμμένον ἔσται παρ' ἐμοῖ
- 34 Laban reponn li: -Dakò. n'a fè l' jan ou di l' la.
 And Laban said, Let it be as you say.
 εἶπεν δὲ αὐτῷ λαβαν ἔστω κατὰ τὸ ῥήμά σου
- 35 Men menm jou a, Laban wete tout bouk kabrit ki te gen pwal takte osinon ki te gen re sou tout kò yo, ak tout fennmèl kabrit ki te gen pwal takte osinon pentle, ou ankò ki te gen tach blan sou yo. Li wete tout mouton nwa yo, li pran tout bèt sa yo, li remèt yo bay pitit gason l' yo.
 So that day he took all the he-goats which were banded or coloured, and all the she-goats which were marked or coloured or had white marks, and all the black sheep, and gave them into the care of his sons;
 και διέστειλεν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ τοὺς τράγους τοὺς ῥαντούς καὶ τοὺς διαλεύκους καὶ πάσας τὰς αἰγὰς τὰς ῥαντὰς καὶ τὰς διαλεύκους καὶ πᾶν ὃ ἦν λευκὸν ἐν αὐτοῖς καὶ πᾶν ὃ ἦν φαιὸν ἐν τοῖς ἀρνάσιν καὶ ἔδωκεν διὰ χειρὸς τῶν υἱῶν αὐτοῦ
- 36 Apre sa, li pati byen lwen Jakòb avèk bann bèt li yo, li mache pandan twa jou epi li rete. Jakòb menm te pran swen rès mouton ak kabrit Laban yo.
 And sent them three days' journey away; and Jacob took care of the rest of Laban's flock.
 και ἀπέστειλεν ὁδὸν τριῶν ἡμερῶν ἀνὰ μέσον αὐτῶν καὶ ἀνὰ μέσον ἰακωβ ἰακωβ δὲ ἐποίμαινε τὰ πρόβατα λαβαν τὰ ὑπολειφθέντα
- 37 ¶ Jakòb koupe kèk branch vèt nan pye sikren, pye zannann ak pye bwadòm, li wete kèk lèz nan kòs yo. Konsa branch yo te vin gen bann vèt, bann blan sou tout kò yo.
 Then Jacob took young branches of trees, cutting off the skin so that the white wood was seen in bands.
 ἔλαβεν δὲ ἑαυτῷ ἰακωβ ῥάβδον στουρακίην γλωρὰν καὶ καρυίνην καὶ πλατάνου καὶ ἐλέπισεν αὐτὰς ἰακωβ λεπίσματα λευκὰ περισύρων τὸ γλωρὸν ἐφαίνετο δὲ ἐπὶ ταῖς ῥάβδοις τὸ λευκὸν ὃ ἐλέπισεν π οικίλον
- 38 Li pran yo, li mete yo tout kote yo bay bèt yo bwè dlo. Li te ranje branch bwa yo la, paske se lè bèt yo vin bwè dlo yo kwaze.
 And he put the banded sticks in the drinking-places where the flock came to get water; and they became with young when they came to the water.
 και παρέθηκεν τὰς ῥάβδους ἃς ἐλέπισεν ἐν ταῖς ληνοῖς τῶν ποτιστηρίων τοῦ ὕδατος ἵνα ὡς ἂν ἔλθωσιν τὰ πρόβατα πιεῖν ἐνώπιον τῶν ῥάβδων ἐλθόντων αὐτῶν εἰς τὸ πιεῖν
- 39 Konsa, lè bèt yo kwaze devan branch bwa de koulè yo, yo fè pitit takte, pitit pentle, osinon ak re sou tout kò yo.
 And because of this, the flock gave birth to young which were marked with bands of colour.
 ἐγκισσῆσιν τὰ πρόβατα εἰς τὰς ῥάβδους καὶ ἔτικτον τὰ πρόβατα διάλευκα καὶ ποικίλα καὶ σποδοειδῆ ῥαντά
- 40 Jakòb separe mouton yo, li pran tout mouton ki te takte osinon ki te nwa nan mouton Laban yo, li mete yo apa. Se konsa, li te vin gen yon bann bèt apa ki pa t' mele ak bèt Laban yo.
 These lambs Jacob kept separate; and he put his flock in a place by themselves and not with Laban's flock.
 τοὺς δὲ ἀμνοὺς διέστειλεν ἰακωβ καὶ ἔστησεν ἐναντίον τῶν προβάτων κριὸν διάλευκον καὶ πᾶν ποικίλον ἐν τοῖς ἀμνοῖς καὶ διεχώρισεν ἑαυτῷ ποιμνία καθ' ἑαυτὸν καὶ οὐκ ἔμιξεν αὐτὰ εἰς τὰ πρόβατα λαβαν
- 41 Lè bèt ki gra yo ap kwaze, Jakòb mete branch yo devan je yo kote y'ap bwè a. Konsa, yo kwaze devan branch yo.
 And whenever the stronger ones of the flock became with young, Jacob put the sticks in front of them in the drinking-places, so that they might become with young when they saw the sticks.
 ἐγένετο δὲ ἐν τῷ καιρῷ ᾧ ἐνεκίσθησεν τὰ πρόβατα ἐν γαστρὶ λαμβάνοντα ἔθηκεν ἰακωβ τὰς ῥάβδους ἐναντίον τῶν προβάτων ἐν ταῖς ληνοῖς τοῦ ἐγκισσῆσαι αὐτὰ κατὰ τὰς ῥάβδους
- 42 Men, li pa mete branch yo lè se bèt mèt yo k'ap kwaze. Se konsa, bèt mèt yo vin pou Laban, epi bèt gra yo vin pou Jakòb.
 But when the flocks were feeble, he did not put the sticks before them; so that the feebler flocks were Laban's and the stronger were Jacob's.
 ἦνίκα δ' ἂν ἔτεκεν τὰ πρόβατα οὐκ ἐτίθει ἐγένετο δὲ τὰ ἄσημα τοῦ λαβαν τὰ δὲ ἐπίσημα τοῦ ἰακωβ
- 43 Jakòb vin rich anpil, Li te gen anpil bèt. Kanta pou sèvant, domestik, chamo ak bourik, li pa t' manke sa.
 So Jacob's wealth was greatly increased; he had great flocks and women-servants and men-servants and camels and asses.
 και ἐπλούτησεν ὁ ἄνθρωπος σφόδρα σφόδρα καὶ ἐγένετο αὐτῷ κτήνη πολλὰ καὶ βόες καὶ παῖδες καὶ παιδίσκαι καὶ κάμηλοι καὶ ὄνοι
- 1 ¶ Jakòb vin konnen jan pitit gason Laban yo t'ap di: -Jakòb fin pran tou sa ki te pou papa nou. Se byen papa nou li fin ranmase kifè li rich konsa.
 Now it came to the ears of Jacob that Laban's sons were saying, Jacob has taken away all our father's property, and in this way he has got all this wealth.
 ἤκουσεν δὲ ἰακωβ τὰ ῥήματα τῶν υἱῶν λαβαν λεγόντων εἴληφεν ἰακωβ πάντα τὰ τοῦ πατρὸς ἡμῶν καὶ ἐκ τῶν τοῦ πατρὸς ἡμῶν πεποίηκεν πᾶσαν τὴν δόξαν ταύτην

- 2 Jakòb vin wè tout Laban pa t' ba li menm karaktè li te konn ba li anvan an.
And Jacob saw that Laban's feeling for him was no longer what it had been before.
 και ειδεν ιακωβ τὸ πρόσωπον τοῦ λαβαν και ιδου οὐκ ἦν πρὸς αὐτὸν ὡς ἐχθὲς και τρίτην ἡμέραν
- 3 Lè sa a, Seyè a di l': -Tounen nan peyi kote ou te fèt la, al jwenn fanmi ou. M'ap toujou la avè ou.
Then the Lord said to Jacob, Go back to the land of your fathers, and to your relations, and I will be with you.
 εἶπεν δὲ κύριος πρὸς ιακωβ ἀποστρέφου εἰς τὴν γῆν τοῦ πατρὸς σου και εἰς τὴν γενεάν σου και ἔσομαι μετὰ σοῦ
- 4 Se konsa Jakòb fè chache Rachèl ak Leya. Li voye di yo rive kote l' nan savann kote bèt li yo ye a.
And Jacob sent for Rachel and Leah to come to him in the field among his flock.
 ἀποστείλας δὲ ιακωβ ἐκάλεσεν ραχηλ και λειαν εἰς τὸ πεδῖον οὗ τὰ ποιμνία
- 5 Li di yo: -Mwen wè karaktè papa nou pa menm jan avè m' ankò. Li chanje anpil, men Bondye papa m' lan toujou avè m'.
And he said to them, It is clear to me that your father's feeling is no longer what it was to me; but the God of my father has been with me
 και εἶπεν αὐταῖς ὁρῶ ἐγὼ τὸ πρόσωπον τοῦ πατρὸς ὑμῶν ὅτι οὐκ ἔστιν πρὸς ἐμοῦ ὡς ἐχθὲς και τρίτην ἡμέραν ὁ δὲ θεὸς τοῦ πατρὸς μου ἦν μετ' ἐμοῦ
- 6 Nou tout de nou konnen jan mwen te sèvi ak papa nou ak tout kouraj mwen.
And you have seen how I have done all in my power for your father,
 και αὐταὶ δὲ οἶδατε ὅτι ἐν πάσῃ τῇ ἰσχύ μου δεδούλευκα τῷ πατρὶ ὑμῶν
- 7 Men li menm, li toujou ap twonpe mwen. Li chanje lide dis fwa lè lè a rive pou li peye m'. Men, Bondye pa janm kite l' fè m' anyen.
But your father has not kept faith with me, and ten times he has made changes in my payment; but God has kept him from doing me damage.
 ὁ δὲ πατήρ ὑμῶν παρεκρούσατό με και ἤλλαξεν τὸν μισθόν μου τῶν δέκα ἀμῶν και οὐκ ἔδωκεν αὐτῷ ὁ θεὸς κακοποιῆσαί με
- 8 Lè Laban di: ou mèt pran tout kabrit takte yo pou ou, tout bann bèt yo tonbe fè pitit takte. Lè li di: m'ap ba ou tout kabrit ki gen re sou tout kò yo, tout bann bèt yo tonbe fè pitit ak re sou tout kò yo.
If he said, All those in the flock which have marks are to be yours, then all the flock gave birth to marked young; and if he said, All the banded ones are to be yours, then all the flock had banded young.
 ἐὰν οὕτως εἶπῃ τὰ ποικίλα ἔσται σου μισθός και τέξεται πάντα τὰ πρόβατα ποικίλα ἐὰν δὲ εἶπῃ τὰ λευκὰ ἔσται σου μισθός και τέξεται πάντα τὰ πρόβατα λευκά
- 9 Se Bondye menm ki pran bann bèt papa nou yo, li ban mwen yo.
So God has taken away your father's cattle and has given them to me.
 και ἀφείλατο ὁ θεὸς πάντα τὰ κτήνη τοῦ πατρὸς ὑμῶν και ἔδωκέν μοι αὐτά
- 10 Lè bèt yo mande kwaze, mwen fè yon rèv, mwen wè tout bouk ki t'ap kwaze yo se bouk ki takte, ki pentle ak sa ki gen re sou tout kò yo.
And at the time when the flock were with young, I saw in a dream that all the he-goats which were joined with the she-goats were banded and marked and coloured.
 και ἐγένετο ἡνίκα ἐνεκίσσων τὰ πρόβατα και εἶδον τοῖς ὀφθαλμοῖς αὐτὰ ἐν τῷ ὕπνῳ και ιδου οἱ τράγοι και οἱ κριοὶ ἀναβαίνοντες ἦσαν ἐπὶ τὰ πρόβατα και τὰς αἴγας διάλευκοι και ποικίλοι και σποδο εἰδεῖς ῥαντοὶ
- 11 Zanj Bondye a pale avè m' nan rèv la, li di m': Jakòb. Mwen reponn li: Men mwen wi.
And in my dream the angel of the Lord said to me, Jacob: and I said, Here am I.
 και εἶπέν μοι ὁ ἄγγελος τοῦ θεοῦ καθ' ὕπνον ιακωβ ἐγὼ δὲ εἶπα τί ἔστιν
- 12 Li di m' ankò: Leve je ou gade: tout bouk k'ap vole femmèl yo se bouk ki takte ak sa ki gen re sou tout kò yo. Se mwen menm k'ap fè sa konsa, paske mwen wè tout sa Laban ap fè ou.
And he said, See how all the he-goats are banded and marked and coloured: for I have seen what Laban has done to you.
 και εἶπεν ἀνάβλεψον τοῖς ὀφθαλμοῖς σου και ἰδὲ τοὺς τράγους και τοὺς κριοὺς ἀναβαίνοντας ἐπὶ τὰ πρόβατα και τὰς αἴγας διαλεύκους και ποικίλους και σποδοειδεῖς ῥαντούς ἐώρακα γὰρ ὅσα σοι λαβαν ποιεῖ
- 13 Mwen se Bondye ki te parèt devan ou lè ou te Betèl, kote ou te mete gwo wòch la apa pou mwen an. Ou chonje, lè sa a, ou te fè yon pwomès ban mwen. Koulye a, leve, kite peyi sa a. Tounen nan peyi kote ou te fèt la.
I am the God of Beth-el, where you put oil on the pillar and took an oath to me: now then, come out of this land and go back to the country of your birth.
 ἐγὼ εἰμι ὁ θεὸς ὁ ὀφθεῖς σοι ἐν τόπῳ θεοῦ οὗ ἠλειψάς μοι ἐκεῖ στήλην και ἠϋξῶ μοι ἐκεῖ εὐχὴν νῦν οὖν ἀνάστηθι και ἔξελθε ἐκ τῆς γῆς ταύτης και ἀπελθε εἰς τὴν γῆν τῆς γενέσεώς σου και ἔσομαι μετὰ σοῦ
- 14 Rachèl ak Leya reponn Jakòb: -Nou pa gen anyen ankò pou n' eritye nan men papa nou.
Then Rachel and Leah said to him in answer, What part or heritage is there for us in our father's house?
 και ἀποκριθεῖσα ραχηλ και λεια εἶπαν αὐτῷ μὴ ἔστιν ἡμῖν ἔτι μερίς ἢ κληρονομία ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς ἡμῶν

- 15 Eske li pa konsidere nou tankou etranje? Li vann nou. Koulye a, li fin manje tout lajan yo te ba li pou nou an.
Are we not as people from a strange country to him? for he took a price for us and now it is all used up.
οὐχ ὡς αἱ ἀλλότρια λελογίσμεθα αὐτῷ πέπρακεν γὰρ ἡμᾶς καὶ κατέφαγεν καταβρώσει τὸ ἀργύριον ἡμῶν
- 16 Tout richès Bondye wete nan men papa nou an, se pou nou ansanm ak pitit nou yo. Koulye a, se pou ou fè tout sa Bondye di ou fè.
For the wealth which God has taken from him is ours and our children's; so now, whatever God has said to you, do.
πάντα τὸν πλοῦτον καὶ τὴν δόξαν ἣν ἀφείλατο ὁ θεὸς τοῦ πατρὸς ἡμῶν ἡμῖν ἔσται καὶ τοῖς τέκνοις ἡμῶν νῦν οὖν ὅσα εἴρηκέν σοι ὁ θεὸς ποίει
- 17 ¶ Lè sa a, Jakòb leve, li mete pitit li yo ansanm ak madanm li yo sou chamo.
Then Jacob put his wives and his sons on camels;
ἀναστὰς δὲ ἰακωβ ἔλαβεν τὰς γυναῖκας αὐτοῦ καὶ τὰ παιδιά αὐτοῦ ἐπὶ τὰς καμήλους
- 18 Li pran tout bèt li yo ansanm ak tout sa li te rive genyen pandan li te Mezopotami an, li mennen yo ale. Li pati, li al jwenn papa l', Izarak, nan peyi Kanaran.
And sending on before him all his cattle and his property which he had got together in Paddan-aram, he made ready to go to Isaac his father in the land of Canaan.
καὶ ἀπήγαγεν πάντα τὰ ὑπάρχοντα αὐτοῦ καὶ πᾶσαν τὴν ἀποσκευὴν αὐτοῦ ἣν περιποιήσατο ἐν τῇ μεσοποταμίᾳ καὶ πάντα τὰ αὐτοῦ ἀπελθεῖν πρὸς ἰσαακ τὸν πατέρα αὐτοῦ εἰς γῆν χανααν
- 19 Lè sa a, Laban t al taye lenn mouton l' yo. Pandan li pa t' la, Rachèl vòlè ti zidòl kay papa l' yo.
Now Laban had gone to see to the cutting of the wool of his sheep; so Rachel secretly took the images of the gods of her father's house.
λαβαν δὲ ᾄχετο κείραι τὰ πρόβατα αὐτοῦ ἔκλεψεν δὲ ραχηλ τὰ εἰδῶλα τοῦ πατρὸς αὐτῆς
- 20 Se konsa Jakòb twonpe Laban, moun lavil Aram lan, li pati san l' pa di l' sa.
And Jacob went away secretly, without giving news of his flight to Laban the Aramaean.
ἐκρυψεν δὲ ἰακωβ λαβαν τὸν σύρον τοῦ μη ἀναγγεῖλαι αὐτῷ ὅτι ἀποδιδράσκει
- 21 Li pran tout sa li te genyen, li mete deyò, li ale, li travèse larivyè Lefrat, li pran chemen pou li al sou mòn Galarad.
So he went away with all he had, and went across the River in the direction of the hill-country of Gilead.
καὶ ἀπέδρα αὐτὸς καὶ πάντα τὰ αὐτοῦ καὶ διέβη τὸν ποταμὸν καὶ ὄρμησεν εἰς τὸ ὄρος γαλααδ
- 22 Twa jou apre, Laban pran nouvèl Jakòb te pati.
And on the third day Laban had news of Jacob's flight.
ἀνηγγέλη δὲ λαβαν τῷ σύρῳ τῇ τρίτῃ ἡμέρᾳ ὅτι ἀπέδρα ἰακωβ
- 23 Msye pran moun pa li yo avè l', li pati deyò Jakòb. Apre sèt jou, li jwenn li sou mòn Galarad.
And taking the men of his family with him, he went after him for seven days and overtook him in the hill-country of Gilead.
καὶ παραλαβὼν πάντας τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ μεθ' ἑαυτοῦ ἐδίωξεν ὀπίσω αὐτοῦ ὁδὸν ἡμερῶν ἑπτὰ καὶ κατέλαβεν αὐτὸν ἐν τῷ ὄρει τῷ γαλααδ
- 24 Men, pandan lannwit, Bondye parèt devan Laban, moun lavil Aram lan, nan yon rèv, li di l': -Piga ou di Jakòb anyen ni an byen, ni an mal.
Then God came to Laban in a dream by night, and said to him, Take care that you say nothing good or bad to Jacob.
ἦλθεν δὲ ὁ θεὸς πρὸς λαβαν τὸν σύρον καθ' ὕπνον τὴν νύκτα καὶ εἶπεν αὐτῷ φύλαξαι σεαυτὸν μήποτε λαλήσῃς μετὰ ἰακωβ πονηρά
- 25 ¶ Se konsa, Laban jwenn Jakòb ki te moute tant li sou mòn lan. Laban te moute tant li tout sou mòn Galarad pou li menm ansanm ak moun pa l' yo.
Now when Laban overtook him, Jacob had put up his tent in the hill-country; and Laban and his brothers put up their tents in the hill-country of Gilead.
καὶ κατέλαβεν λαβαν τὸν ἰακωβ ἰακωβ δὲ ἐπηξεν τὴν σκιην ἑαυτοῦ ἐν τῷ ὄρει λαβαν δὲ ἔστησεν τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ ἐν τῷ ὄρει γαλααδ
- 26 Laban di Jakòb: -Kisa ou fè konsa? Ou twonpe m', ou pran pitit fi mwen yo, ou mennen yo ale tankou prizonye ou fè nan lagè.
And Laban said to Jacob, Why did you go away secretly, taking my daughters away like prisoners of war?
εἶπεν δὲ λαβαν τῷ ἰακωβ τί ἐποίησας ἵνα τί κρυφῇ ἀπέδρας καὶ ἐκλοποφόρησάς με καὶ ἀπήγαγες τὰς θυγατέρας μου ὡς αἰχμαλώτιδας μαχαίρα
- 27 Poukisa ou twonpe m', ou leve ou pati an kachèt san ou pa avèti m'? Si ou te di m' sa, nou ta fè fèt, nou ta chante, nou ta bat tanbou, nou ta jwe gita anvan nou voye ou ale.
Why did you make a secret of your flight, not giving me word of it, so that I might have sent you away with joy and songs, with melody and music?
καὶ εἰ ἀνήγγειλάς μοι ἐξαπέστειλα ἂν σε μετ' εὐφροσύνης καὶ μετὰ μουσικῶν τυμπάνων καὶ κιθάρας
- 28 Ou pa menm kite m' bo pitit pitit mwen yo ak pitit fi m' yo. Ou aji tankou moun fou, monchè!
You did not even let me give a kiss to my sons and my daughters. This was a foolish thing to do.
οὐκ ἤξιώθην καταφιλήσαι τὰ παιδιά μου καὶ τὰς θυγατέρας μου νῦν δὲ ἀφρόνως ἐπραξας

- 29 Mwen gen kont pouwva anba men m' pou m' ta regle ou. Men yè swa, pandan lannwit lan Bondye papa ou la di m': Piga ou di Jakòb anyen ni an byen, ni an mal.
It is in my power to do you damage: but the God of your father came to me this night, saying, Take care that you say nothing good or bad to Jacob.
καὶ νῦν ἰσχύει ἡ χεὶρ μου κακοποιῆσαί σε ὃ δὲ θεὸς τοῦ πατρὸς σου ἐχθὲς εἶπεν πρὸς με λέγων φύλαξαι σεαυτὸν μήποτε λαλήσῃς μετὰ ἰακωβ πονηρὰ
- 30 Mwen konnen ou pati paske se pa ti anvì ou pa te anvì tounen lakay papa ou. Men, sa ou te bezwen vòlè ti zidòl kay mwen yo fè?
And now, it seems, you are going because your heart's desire is for your father's house; but why have you taken my gods?
νῦν οὖν πεπόρευσαι ἐπιθυμία γὰρ ἐπεθύμησας ἀπελθεῖν εἰς τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς σου ἵνα τί ἐκλεψας τοὺς θεοὺς μου
- 31 Jakòb reponn Laban, li di l': -Mwen te pè, paske mwen te kwè ou ta ka reprann pitit fi ou yo nan menm.
And Jacob, in answer, said to Laban, My fear was that you might take your daughters from me by force.
ἀποκριθεὶς δὲ ἰακωβ εἶπεν τῷ λαβαν εἶπα γὰρ μήποτε ἀφέλῃς τὰς θυγατέρας σου ἀπ' ἐμοῦ καὶ πάντα τὰ ἐμά
- 32 Men, kanta pou ti zidòl kay ou yo, si ou jwenn yo nan men yon moun isit la, se pou moun sa a mouri. Men, mwen pran tout moun sa yo pou temwen, si ou jwenn yon bagay lakay mwen ki pou ou, pran l' pote l' ale. Jakòb pa t' konnen Rachèl te vòlè ti zidòl kay yo.
As for your gods, if anyone of us has them, let him be put to death: make search before us all for what is yours, and take it. For Jacob had no knowledge that Rachel had taken them.
ἐπίγνωθι τί ἐστὶν τῶν σῶν παρ' ἐμοὶ καὶ λαβέ καὶ οὐκ ἐπέγνω παρ' αὐτῷ οὐθέν καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰακωβ παρ' ᾧ ἂν εὕρῃς τοὺς θεοὺς σου οὐ ζήσεται ἐναντίον τῶν ἀδελφῶν ἡμῶν οὐκ ἦδει δὲ ἰακωβ ὅτι ραχηλ ἡ γυνὴ αὐτοῦ ἐκλεψεν αὐτούς
- 33 Laban antre anba tant Jakòb la, li chache, li ale anba tant Leya a, apre sa anba tant de sèvant yo, li pa jwenn anyen. Li sotif anba tant Leya a, li antre anba tant Rachèl. la.
So Laban went into Jacob's tent and into Leah's tent, and into the tents of the two servant-women, but they were not there; and he came out of Leah's tent and went into Rachel's.
εἰσελθὼν δὲ λαβαν ἠρεύνησεν εἰς τὸν οἶκον λειας καὶ οὐχ εὗρεν καὶ ἐξελθὼν ἐκ τοῦ οἴκου λειας ἠρεύνησεν τὸν οἶκον ἰακωβ καὶ ἐν τῷ οἴκῳ τῶν δύο παιδισκῶν καὶ οὐχ εὗρεν εἰσηλθὼν δὲ καὶ εἰς τὸν οἶκον ραχηλ.
- 34 Rachèl menm te pran ti zidòl kay yo, li te mete yo anba aparèy chamo a, epi li chita sou yo. Laban menm chache tout anba tant lan, li pa jwenn anyen.
Now Rachel had taken the images, and had put them in the camels' basket, and was seated on them. And Laban, searching through all the tent, did not come across them.
ραχηλ δὲ ἔλαβεν τὰ εἰδωλα καὶ ἐνέβαλεν αὐτὰ εἰς τὰ σάγματα τῆς καμήλου καὶ ἐπεκάθισεν αὐτοῖς
- 35 Rachèl di papa l' konsa: -Si ou wè mwen pa ka leve kanpe devan ou, ou pa bezwen fache non. Se lalen mwen mwen genyen. Se konsa Laban fouye toupatou, li pa jwenn ti zidòl kay li yo.
And she said to her father, Let not my lord be angry because I do not get up before you, for I am in the common condition of women. And with all his searching, he did not come across the images.
καὶ εἶπεν τῷ πατρὶ αὐτῆς μὴ βαρέως φέρε κύριε οὐ δύναμαι ἀναστῆναι ἐνώπιόν σου ὅτι τὸ κατ' ἐθισμὸν τῶν γυναικῶν μοὶ ἐστὶν ἠρεύνησεν δὲ λαβαν ἐν ὄλῳ τῷ οἴκῳ καὶ οὐχ εὗρεν τὰ εἰδωλα
- 36 ¶ Lè sa a, Jakòb move sou Laban. Li pete yon kabouyay ak li, li di l': -Ki krim mwen fè? Kisa m' fè ki mal pou w'ap pousib mwen konsa?
Then Jacob was angry with Laban, and said, What crime or sin have I done that you have come after me with such passion?
ὠργίσθη δὲ ἰακωβ καὶ ἐμαγέσατο τῷ λαβαν ἀποκριθεὶς δὲ ἰακωβ εἶπεν τῷ λαβαν τί τὸ ἀδικημά μου καὶ τί τὸ ἀμάρτημά μου ὅτι κατεδίωξας ὀπίσω μου
- 37 Ou fin fouye tout zafè m' yo. Kisa ou jwenn ki pou ou? Mete l' la devan moun pa ou yo ak moun pa m' yo, pou yo ka di ki moun ki gen rezon!
Now that you have made search through all my goods, what have you seen which is yours? Make it clear now before my people and your people, so that they may be judges between us.
καὶ ὅτι ἠρεύνησας πάντα τὰ σκευή μου τί εὗρες ἀπὸ πάντων τῶν σκευῶν τοῦ οἴκου σου θές ὧδε ἐναντίον τῶν ἀδελφῶν μου καὶ τῶν ἀδελφῶν σου καὶ ἐλεγξάτωσαν ἀνά μέσον τῶν δύο ἡμῶν
- 38 Sa fè ventan depi m' avè ou. Mouton ou yo ak kabrit ou yo pa janm manke fè pitit. Mwen pa janm manje yon ti bouk nan bèt ou yo.
These twenty years I have been with you; your sheep and your goats have had young without loss, not one of your he-goats have I taken for food.
ταῦτά μοι εἴκοσι ἔτη ἐγὼ εἶμι μετὰ σοῦ τὰ πρόβάτά σου καὶ αἱ αἰγῆς σου οὐκ ἠτεκνώθησαν κριοὺς τῶν προβάτων σου οὐ κατέφαγον
- 39 Lè bèt nan bwa touye yon mouton, mwen pa janm pote l' ba ou. Mwen te pran pèt la sou kont mwen. Ou te rann mwen reskonsab tout bèt yo vòlè, kit se lannwit, kit se lajounen.
Anything which was wounded by beasts I did not take to you, but myself made up for the loss of it; you made me responsible for whatever was taken by thieves, by day or by night.
θηριάλωτον οὐκ ἀνενήνοχά σοι ἐγὼ ἀπετίννουον παρ' ἐμαντοῦ κλέμματα ἡμέρας καὶ κλέμματα νυκτός
- 40 Lajounen, chalè te fini avè m'. Lannwit, se te fredì, mwen pa t' kapab dòmi.
This was my condition, wasted by heat in the day and by the bitter cold at night; and sleep went from my eyes.
ἐγινόμεν τῆς ἡμέρας συγκαϊόμενος τῷ καύματι καὶ παγετῷ τῆς νυκτός καὶ ἀφίστατο ὁ ὕπνος ἀπὸ τῶν ὀφθαλμῶν μου
- 41 Se konsa sa te ye pandan tout ventan mwen pase lakay ou yo. Mwen travay pandan katòzan pou de pitit fi ou yo. Apre sa, mwen fè sizan ankò ap travay pou bann bèt ou yo. Atousa, ou jwenn mwayen chanje pawòl dis fwa lè la rive pou ou peye m'.
These twenty years I have been in your house; I was your servant for fourteen years because of your daughters, and for six years I kept your flock, and ten times was my payment changed.
ταῦτά μοι εἴκοσι ἔτη ἐγὼ εἶμι ἐν τῇ οἰκίᾳ σου ἐδοῦλευσά σοι δέκα τέσσαρα ἔτη ἀντὶ τῶν δύο θυγατέρων σου καὶ ἕξ ἔτη ἐν τοῖς προβάτοις σου καὶ παρελογίσω τὸν μισθόν μου δέκα ἀμνάσι

- 42 Si Bondye papa m' lan, Bondye Abraram lan, Bondye Izarak respekte a, pa t' la avèk mwen, koulye a ou ta voye m' ale yon men devan yon men dèyè. Men Bondye wè tout traka mwen bay tèt mwen, li wè travay mwen fè, se konsa yè swa li rann jijman li.
If the God of my father, the God of Abraham and the Fear of Isaac, had not been with me, you would have sent me away with nothing in my hands. But God has seen my troubles and the work of my hands, and this night he kept you back.
εἰ μὴ ὁ θεὸς τοῦ πατρὸς μου ἀβραὰμ καὶ ὁ φόβος ἰσαακ ἦν μοι νῦν ἂν κενόν με ἐξαπέστειλας τὴν ταπεινώσιν μου καὶ τὸν κόπον τῶν χειρῶν μου εἶδεν ὁ θεὸς καὶ ἤλεγξεν σε ἐχθές
- 43 ¶ Laban reponn Jakòb: -Fi sa yo se pitit mwen yo ye. Timoun sa yo, se pa m' yo ye. Bann bèt sa yo se pou mwen yo ye. tout sa ou wè la a, se pou mwen yo ye. Bon, kisa m' ka fè koulye a pou pitit fi mwen yo ak pou pitit pitit mwen yo?
Then Laban, answering, said, These women are my daughters and these children my children, the flocks and all you see are mine: what now may I do for my daughters and for their children?
ἀποκριθεὶς δὲ λαβαν εἶπεν τῷ ἰακωβ αἱ θυγατέρες θυγατέρες μου καὶ οἱ υἱοὶ υἱοὶ μου καὶ τὰ κτήνη κτήνη μου καὶ πάντα ὅσα σὺ ὄρῃς ἐμά ἐστιν καὶ τῶν θυγατέρων μου τί ποιήσω ταύταις σήμερον ἢ τ οἷς τέκνοις αὐτῶν οἷς ἔτεκον
- 44 Vini non. Annou pase yon kontra, mwen menm avè ou. Ann kite yon mak ki va sèvi pou fè nou toujou chonje kontra a.
Come, let us make an agreement, you and I; and let it be for a witness between us.
νῦν οὖν δεῦρο διαθώμεθα διαθήκην ἐγὼ καὶ σὺ καὶ ἔσται εἰς μαρτύριον ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ εἶπεν δὲ αὐτῷ ἰδοὺ οὐθεὶς μεθ' ἡμῶν ἐστιν ἰδὲ ὁ θεὸς μάρτυς ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ
- 45 Jakòb pran yon gwo wòch, li plante l' nan tè a, li fè l' rete kanpe tankou yon bòn.
Then Jacob took a stone and put it up as a pillar.
λαβὼν δὲ ἰακωβ λίθον ἔστησεν αὐτὸν στήλην
- 46 Epi, li di moun li yo: -Ranmase wòch. Mesye yo ranmase wòch, yo anpile yo fè yon gwo pil. Apre sa, yo chita bò pil wòch la, yo manje.
And Jacob said to his people, Get stones together; and they did so; and they had a meal there by the stones.
εἶπεν δὲ ἰακωβ τοῖς ἀδελφοῖς αὐτοῦ συλλέγετε λίθους καὶ συνέλεξαν λίθους καὶ ἐποίησαν βουνόν καὶ ἔφαγον καὶ ἔπιον ἐκεῖ ἐπὶ τοῦ βουνοῦ καὶ εἶπεν αὐτῷ λαβαν ὁ βουνὸς οὗτος μαρτυρεῖ ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ σήμερον
- 47 Laban rele pil wòch la Jega Saadouta nan lang pa l', men Jakòb te rele l' nan lang pa l' Galèd.
And the name Laban gave it was Jegar-sahadutha: but Jacob gave it the name of Galeed.
καὶ ἐκάλεσεν αὐτὸν λαβαν βουνὸς τῆς μαρτυρίας ἰακωβ δὲ ἐκάλεσεν αὐτὸν βουνὸς μάρτυς
- 48 Laban di: -Pil wòch sa a va sèvi pou fè nou tout de toujou chonje kontra a. Se poutèt sa yo rele kote sa a Galèd.
And Laban said, These stones are a witness between you and me today. For this reason its name was Galeed,
εἶπεν δὲ λαβαν τῷ ἰακωβ ἰδοὺ ὁ βουνὸς οὗτος καὶ ἡ στήλη αὕτη ἦν ἔστησα ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ μαρτυρεῖ ὁ βουνὸς οὗτος καὶ μαρτυρεῖ ἡ στήλη αὕτη διὰ τοῦτο ἐκλήθη τὸ ὄνομα αὐτοῦ βουνὸς μαρ τυρεῖ
- 49 Laban di ankò: -Se pou Bondye voye je sou nou tout de lè nou fin separe. Se konsa yo rele kote sa a Mispa.
And Mizpah, for he said, May the Lord keep watch on us when we are unable to see one another's doings.
καὶ ἡ ὄρασις ἦν εἶπεν ἐπίδοι ὁ θεὸς ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ ὅτι ἀποστησόμεθα ἕτερος ἀπὸ τοῦ ἑτέρου
- 50 Laban pale ankò, li di: -Si ou maltrete pitit fi mwen yo, si ou pran lòt fanm ankò sou yo, konnen ou p'ap annafè ak yon moun tankou nou tande. Atansyon, men se ak Bondye menm, ki temwen sa nou sot fè a, w'ap annafè.
If you are cruel to my daughters, or if you take other wives in addition to my daughters, then though no man is there to see, God will be the witness between us.
εἰ ταπεινώσεις τὰς θυγατέρας μου εἰ λήμψη γυναῖκας ἐπὶ ταῖς θυγατράσιν μου ὄρα οὐθεὶς μεθ' ἡμῶν ἐστιν
- 52 Ni pil wòch yo ni bòn lan ap sèvi yon mak. Mwen pa gen dwa depase l' pou m' vin atake ou, ni ou pa gen dwa depase l' pou ou vin atake m'.
They will be witness that I will not go over these stones to you, and you will not go over these stones or this pillar to me, for any evil purpose.
ἐάν τε γὰρ ἐγὼ μὴ διαβῶ πρὸς σὲ μηδὲ σὺ διαβῆς πρὸς με τὸν βουνὸν τοῦτον καὶ τὴν στήλην ταύτην ἐπὶ κακίᾳ
- 53 Se pou Bondye Abraram lan, Bondye Nakò a, Bondye papa yo a, mete rezon nan mitan nou. Lè sa a, Jakòb sèman nan non Bondye Izarak, papa l' respekte a.
May the God of Abraham and the God of Nahor, the God of their father, be our judge. Then Jacob took an oath by the Fear of his father Isaac.
ὁ θεὸς ἀβραὰμ καὶ ὁ θεὸς ναχωρ κρινεῖ ἀνά μέσον ἡμῶν καὶ ὤμοσεν ἰακωβ κατὰ τοῦ φόβου τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἰσαακ
- 54 Apre sa, li touye yon bèt, li ofri l' bay Bondye sou mòn lan, epi li envite moun pa l' yo vin manje. Lè yo fin manje, yo pase nwit la sou mòn lan.
And Jacob made an offering on the mountain, and gave orders to his people to take food: so they had a meal and took their rest that night on the mountain.
καὶ ἔθυσεν ἰακωβ θυσίαν ἐν τῷ ὄρει καὶ ἐκάλεσεν τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ καὶ ἔφαγον καὶ ἔπιον καὶ ἐκοιμήθησαν ἐν τῷ ὄρει

- 1 ¶ Jakòb menm ale chemen chemen l'. Li kontre kèk zanj Bondye sou wout li.
And on his way Jacob came face to face with the angels of God.
 ἀναστὰς δὲ λαβὰν τὸ πρῶι κατεφίλησεν τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ τὰς θυγατέρας αὐτοῦ καὶ εὐλόγησεν αὐτούς καὶ ἀποστραφεὶς λαβὰν ἀπῆλθεν εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ
- 2 Lè li wè yo, li di: -Sa se lame Bondye a. Se konsa li rele kote a Manayim.
And when he saw them he said, This is the army of God: so he gave that place the name of Mahanaim.
 καὶ ἰακωβ ἀπῆλθεν εἰς τὴν ἑαυτοῦ ὁδὸν καὶ ἀναβλέψας εἶδεν παρεμβολὴν θεοῦ παρεμβεβληκυῖαν καὶ συνήντησαν αὐτῷ οἱ ἄγγελοι τοῦ θεοῦ
- 3 ¶ Jakòb voye kèk komisyonè devan al jwenn Ezaou, frè li a, nan peyi Seyi, kote Edon te rete a.
Now Jacob sent servants before him to Esau, his brother, in the land of Seir, the country of Edom;
 εἶπεν δὲ ἰακωβ ἠνίκα εἶδεν αὐτούς παρεμβολὴ θεοῦ αὕτη καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα τοῦ τόπου ἐκείνου παρεμβολαί
- 4 Men sa li ba yo lòd pou yo di: -Men sa n'a di Ezaou, mèt mwen: Jakòb, nèg pa ou la, voye di ou konsa, li te pase tout tan sa a lakay Laban. Se poutèt sa li te pran tout reta sa a pou l' tounen.
And he gave them orders to say these words to Esau: Your servant Jacob says, Till now I have been living with Laban:
 ἀπέστειλεν δὲ ἰακωβ ἀγγέλους ἔμπροσθεν αὐτοῦ πρὸς ἡσαυ τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ εἰς γῆν σιμρ εἰς χώραν ἐδομ
- 5 Li gen bèf, bourik, mouton, kabrit, domestik ak sèvant. Li voye di ou sa pou ou ka fè pa l'.
And I have oxen and asses and flocks and men-servants and women-servants: and I have sent to give my lord news of these things so that I may have grace in his eyes.
 καὶ ἐνετείλατο αὐτοῖς λέγων οὕτως ἐρεῖτε τῷ κυρίῳ μου ἡσαυ οὕτως λέγει ὁ παῖς σου ἰακωβ μετὰ λαβὰν παρφόκησα καὶ ἐχρόνισα ἕως τοῦ νῦν
- 6 Lè mesaje yo tounen vin jwenn Jakòb, yo di l': -Nou t ale kote Ezaou, frè ou la. Koulye a li gen tan sou wout pou l' vin kontre ou. Li gen katsan (400) moun ak li.
When the servants came back they said, We have seen your brother Esau and he is coming out to you, and four hundred men with him.
 καὶ ἐγένοντό μοι βόας καὶ ὄνοι καὶ πρόβατα καὶ παῖδες καὶ παιδίσκαι καὶ ἀπέστειλα ἀναγγεῖλαι τῷ κυρίῳ μου ἡσαυ ἵνα εὔρη ὁ παῖς σου χάριν ἐναντίον σου
- 7 Jakòb te pè anpil. Li te boulvèse. Li pran moun ki te avè l' yo, li fè yo fè de pòsyon. Li fè menm bagay la ak mouton, bèf, chamo li te genyen yo.
Then Jacob was in great fear and trouble of mind: and he put all the people and the flocks and the herds and the camels into two groups;
 καὶ ἀνέστρεψαν οἱ ἄγγελοι πρὸς ἰακωβ λέγοντες ἤλθομεν πρὸς τὸν ἀδελφόν σου ἡσαυ καὶ ἰδοὺ αὐτὸς ἔρχεται εἰς συνάντησίν σοι καὶ τετρακόσιοι ἄνδρες μετ' αὐτοῦ
- 8 Li t'ap di nan kè l': -Si Ezaou vin atake yon pòsyon, lòt pòsyon an va gen tan chape.
And said, If Esau, meeting one group, makes an attack on them, the others will get away safely.
 ἐφοβήθη δὲ ἰακωβ σφόδρα καὶ ἠπορεῖτο καὶ διεῖλεν τὸν λαὸν τὸν μετ' αὐτοῦ καὶ τοὺς βόας καὶ τὰ πρόβατα εἰς δύο παρεμβολάς
- 9 ¶ Jakòb lapriyè, li di: -O Bondye Abraram granpapa m' lan, Bondye Izarak papa m' lan! O Seyè, ou menm ki te di m' tounen nan peyi m' kote m' te fèt la! W'a fè tout bagay mache byen pou mwen.
Then Jacob said, O God of my father Abraham, the God of my father Isaac, the Lord who said to me, Go back to your country and your family and I will be good to you:
 καὶ εἶπεν ἰακωβ ἐν ἔλθῃ ἡσαυ εἰς παρεμβολὴν μίαν καὶ ἐκκόπη αὐτὴν ἔσται ἡ παρεμβολὴ ἡ δευτέρα εἰς τὸ σφύζεσθαι
- 10 Mwen menm k'ap sèvi ou la, mwen pa wè poukisa ou fè m' tout favè sa yo, poukisa ou toujou kenbe pawòl ou avè m'. Lè m' t'ap travèse larivyè Jouden, se annik yon baton mwen te gen nan men m'. Koulye a m'ap tounen, mwen tèlman genyen, mwen ka separe yo fè de pòsyon.
I am less than nothing in comparison with all your mercies and your faith to me your servant; for with only my stick in my hand I went across Jordan, and now I have become two armies.
 εἶπεν δὲ ἰακωβ ὁ θεὸς τοῦ πατρὸς μου αβρααμ καὶ ὁ θεὸς τοῦ πατρὸς μου ἰσαακ κύριε ὁ εἶπας μοι ἀπότρεχε εἰς τὴν γῆν τῆς γενέσεώς σου καὶ εὖ σε ποιήσω
- 11 Tanpri, delivre m' non anba men Ezaou, frè mwen an! Mwen pè pou l' pa vin atake nou, pou l' pa touye ata fanm yo ak timoun yo.
Be my saviour from the hand of Esau, my brother: for my fear is that he will make an attack on me, putting to death mother and child.
 ἰκανοῦνταί μοι ἀπὸ πάσης δικαιοσύνης καὶ ἀπὸ πάσης ἀληθείας ἧς ἐποίησας τῷ παιδί σου ἐν γὰρ τῇ ῥάβδῳ μου διέβην τὸν ἰορδάνην τοῦτον νῦν δὲ γέγονα εἰς δύο παρεμβολάς
- 12 Chonje sa ou te di m' lan: M'ap fè tout bagay mache byen pou ou. M'ap si tèlman ba ou pitit pitit, moun p'ap ka konte yo. Y'ap tankou grenn sab bò lanmè.
And you said, Truly, I will be good to you, and make your seed like the sand of the sea which may not be numbered.
 ἐξελοῦ με ἐκ χειρὸς τοῦ ἀδελφοῦ μου ἡσαυ ὅτι φοβοῦμαι ἐγὼ αὐτόν μήποτε ἐλθὼν πατάξῃ με καὶ μητέρα ἐπὶ τέκνοις
- 13 ¶ Jakòb rete pase nwit la kote l' te ye a. Apre sa, nan sa l' te gen avè l' yo, li chwazi ladan yo pou fè Ezaou, frè l' la, kado.
Then he put up his tent there for the night; and from among his goods he took, as an offering for his brother Esau,
 σὺ δὲ εἶπας καλῶς εὖ σε ποιήσω καὶ θήσω τὸ σπέρμα σου ὡς τὴν ἄμμον τῆς θαλάσσης ἡ οὐκ ἀριθμηθήσεται ἀπὸ τοῦ πλήθους
- 14 Li pran desan (200) femmèl kabrit ak vin bouk, desan femmèl mouton ak vin belye,
Two hundred she-goats and twenty he-goats, two hundred females and twenty males from the sheep,
 καὶ ἐκοιμήθη ἐκεῖ τὴν νύκτα ἐκείνην καὶ ἔλαβεν ὧν ἔφερον δῶρα καὶ ἐξάπεστειλεν ἡσαυ τῷ ἀδελφῷ αὐτοῦ

- 15 trant fennèl chamo nouris ak tout ti chamo yo dèyè yo, karant manman bèf, dis towò, vin fennèl bourik ak dis mal bourik.
Thirty camels with their young ones, forty cows, ten oxen, twenty asses, and ten young asses.
αἴγας διακοσίας τράγους εἴκοσι πρόβατα διακόσια κριοὺς εἴκοσι
- 16 Li pran bèt yo, li mete chak kalite apa, li renmèt chak kalite bay yonn nan domestik li yo. Li di yo konsa: -Pran devan mwen. Chak moun ap kite yon distans nan mitan bèt pa l' yo ak bèt ki devan l' yo.
These he gave to his servants, every herd by itself, and he said to his servants, Go on before me, and let there be a space between one herd and another.
καμήλους θηλαζούσας καὶ τὰ παιδία αὐτῶν τριάκοντα βόας τεσσαράκοντα ταύρους δέκα ὄνους εἴκοσι καὶ πώλους δέκα
- 17 Epi li pase premye a lòd sa a: -Lè Ezaou, frè m' lan, va kontre ou, l'ap mande ou: Kilès ki mèt ou? Kote ou prale? Pou ki moun bèt sa yo w'ap pouse devan ou konsa a?
And he gave orders to the first, saying, When my brother Esau comes to you and says, Whose servant are you, and where are you going, and whose are these herds?
καὶ ἔδωκεν διὰ χειρὸς τοῖς παισὶν αὐτοῦ ποιμνιον κατὰ μόνας εἶπεν δὲ τοῖς παισὶν αὐτοῦ προπορεύεσθε ἔμπροσθέν μου καὶ διάστημα ποιεῖτε ἀνὰ μέσον ποιμνῆς καὶ ποιμνῆς
- 18 W'a reponn li: Se pou Jakòb, nèg pa ou la. Se yon kado li voye bay Ezaou, mèt mwen an. Li menm, li dèyè, l'ap vini.
Then say to him, These are your servant Jacob's; they are an offering for my lord, for Esau; and he himself is coming after us.
καὶ ἐνετείλατο τῷ πρώτῳ λέγων ἐάν σοι συναντήσῃ ἡσαν ὁ ἀδελφός μου καὶ ἐρωτᾷ σε λέγων τίνος εἶ καὶ τοῦ πορεύῃ καὶ τίνος ταῦτα τὰ προπορευόμενά σου
- 19 Li pase dezyèm lan, twazyèm lan ak tout lòt moun ki t'ap mache dèyè bèt yo menm lòd la. -Men sa nou gen pou n' di Ezaou, lè nou kontre l'.
And he gave the same orders to the second and the third and to all those who were with the herds, saying, This is what you are to say to Esau when you see him;
ἐρεῖς τοῦ παιδός σου ἰακωβ δῶρα ἀπέσταλκεν τῷ κυρίῳ μου ἡσαν καὶ ἰδοὺ αὐτὸς ὀπίσω ἡμῶν
- 20 Se pou nou di: Wi, Jakòb, nèg pa ou la, ap vin dèyè nou pye pou pye. Jakòb t'ap di nan kè l'. Avèk tout kado m'ap voye devan m' lan, m'ap fè kè l' kontan. Konsa, lè n'a kontre, ou pa janm konnen, li ka fè pa m'.
And you are to say further, Jacob, your servant, is coming after us. For he said to himself, I will take away his wrath by the offering which I have sent on, and then I will come before him: it may be that I will have grace in his eyes.
καὶ ἐνετείλατο τῷ πρώτῳ καὶ τῷ δευτέρῳ καὶ τῷ τρίτῳ καὶ πᾶσι τοῖς προπορευομένοις ὀπίσω τῶν ποιμνίων τούτων λέγων κατὰ τὸ ῥῆμα τοῦτο λαλήσατε ἡσαν ἐν τῷ εὐρεῖν ὑμᾶς αὐτὸν
- 21 Moun yo pran devan ak kado yo. Men Jakòb rete dèyè, li pase nwit la kote l' te ye a.
So the servants with the offerings went on in front, and he himself took his rest that night in the tents with his people.
καὶ ἐρεῖτε ἰδοὺ ὁ παῖς σου ἰακωβ παραγίνεται ὀπίσω ἡμῶν εἶπεν γὰρ ἐξιλάσσομαι τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἐν τοῖς δώροις τοῖς προπορευομένοις αὐτοῦ καὶ μετὰ τοῦτο ὄψομαι τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἴσως γὰρ προσδέξεται τὸ πρόσωπόν μου
- 22 Menm jou lannwit sa a, Jakòb leve, li pran de madanm li yo, de sèvan li yo ak onz pitit gason li yo, li janbe lòt bò larivyè Jabòk, nan pas la.
And in the night he got up, and taking with him his two wives and the two servant-women and his eleven children, he went over the river Jabbok.
καὶ παρεπορεύοντο τὰ δῶρα κατὰ πρόσωπον αὐτοῦ αὐτὸς δὲ ἐκοιμήθη τὴν νύκτα ἐκείνην ἐν τῇ παρεμβολῇ
- 23 Apre li fin fè yo janbe larivyè a, li fè janbe tout sa li te genyen tou.
He took them and sent them over the stream with all he had.
ἀναστὰς δὲ τὴν νύκτα ἐκείνην ἔλαβεν τὰς δύο γυναῖκας καὶ τὰς δύο παιδίσκας καὶ τὰ ἕνδεκα παιδία αὐτοῦ καὶ διέβη τὴν διάβασιν τοῦ ἰαβοκ
- 24 ¶ Men li menm, li te rete pou kont li dèyè. Lè sa a, gen yon moun ki mare batay ak li, yo goumen jouk devanjou.
Then Jacob was by himself; and a man was fighting with him till dawn.
- 11 Frè Jozèf yo t'ap fè jalouzi, men papa l' t'ap kalkile tout bagay sa yo nan tèt li.
And his brothers were full of envy; but his father kept his words in mind.
ἐξήλωσαν δὲ αὐτὸν οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ ὃ δὲ πατὴρ αὐτοῦ διετήρησεν τὸ ῥήμα
- 12 ¶ Frè Jozèf yo leve, y ale jouk Sichèm ak bann bèt papa yo pou fè yo manje.
Now his brothers went to keep watch over their father's flock in Shechem.
ἐπορεύθησαν δὲ οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ βόσκειν τὰ πρόβατα τοῦ πατρὸς αὐτῶν εἰς συχεμ
- 13 Izrayèl rele Jozèf, li di l' konsa: -Frè ou yo mennen bèt yo jouk Sichèm al manje. Vini non, m'ap voye ou bò kote yo pou mwen. Jozèf reponn: -Men mwen wi, papa.
And Israel said to Joseph, Are not your brothers with the flock in Shechem? come, I will send you to them. And he said to him, Here am I.
καὶ εἶπεν Ἰσραὴλ πρὸς Ἰωσήφ οὐχ οἱ ἀδελφοί σου ποιμαίνουσιν ἐν συχεμ δεῦρο ἀποστείλω σε πρὸς αὐτούς εἶπεν δὲ αὐτῷ ἰδοὺ ἐγώ
- 14 Izrayèl di l' konsa: -Tanpri, ale we kouman frè ou yo ak bèt yo ye laba a. Apre sa, tounen vin pote nouvlè yo ban mwen. Konsa, se papa l' menm ki te fè l' pati kite Fon Ebwon an. Lè Jozèf rive Sichèm,
And he said to him, Go now, and see if your brothers are well and how the flock is; then come back and give me word. So he sent him out of the valley of Hebron, and he came to Shechem.
εἶπεν δὲ αὐτῷ Ἰσραὴλ πορευθεὶς ἰδὲ εἰ ὑγιαίνουν οἱ ἀδελφοί σου καὶ τὰ πρόβατα καὶ ἀνάγγελόν μοι καὶ ἀπέστειλεν αὐτὸν ἐκ τῆς κοιλάδος τῆς χεβρον καὶ ἦλθεν εἰς συχεμ
- 15 li pèdi wout li nan savann lan, li kontre ak yon nonm ki mande l': -Kisa w'ap chache konsa?
And a man saw him wandering in the country, and said to him, What are you looking for?
καὶ εὗρεν αὐτὸν ἄνθρωπος πλανώμενον ἐν τῷ πεδίῳ ἠρώτησεν δὲ αὐτὸν ὁ ἄνθρωπος λέγων τί ζητεῖς
- 16 Jozèf reponn li: -M'ap chache frè m' yo. Tanpri, di m' ki kote yo mennen bèt yo al manje.
And he said, I am looking for my brothers; please give me word of where they are keeping their flock.
ὃ δὲ εἶπεν τοῖς ἀδελφοῦς μου ζητῶ ἀνάγγελόν μοι ποῦ βόσκουσιν
- 17 Nonm lan di l': -Yo te isit la wi, men yo pati deja. Mwen tandè yo t'ap di yo pral Dotan. Jozèf pati deyè frè l' yo, li jwenn yo Dotan.
And the man said, They have gone away from here, for they said in my hearing, Let us go to Dothan. So Joseph went after them and came up with them at Dothan.
εἶπεν δὲ αὐτῷ ὁ ἄνθρωπος ἀπίρκασιν ἐντεῦθεν ἤκουσα γὰρ αὐτῶν λεγόντων πορευθῶμεν εἰς δωθαῖμ καὶ ἐπορεύθη Ἰωσήφ κατόπισθεν τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ καὶ εὗρεν αὐτούς ἐν δωθαῖμ
- 18 Men, anvan Jozèf te rive, yo te gen tan wè l' byen lwen ap vini. Yo fè konplo pou yo touye l'.
But they saw him when he was a long way off, and before he came near them they made a secret design against him to put him to death;
προεῖδον δὲ αὐτὸν μακρόθεν πρὸ τοῦ ἐγγίσει αὐτὸν πρὸς αὐτούς καὶ ἐπονηρεύοντο τοῦ ἀποκτεῖναι αὐτόν
- 19 Yonn di lòt: -Men nonm ki renmen fè rèv la ap vini.
Saying to one another, See, here comes this dreamer.
εἶπαν δὲ ἕκαστος πρὸς τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ ἰδοὺ ὁ ἐνυπνιαστής ἐκεῖνος ἔρχεται
- 20 Annou wè. N'ap touye l', n'ap jete kadav la nan yonn nan pi yo. Epi n'a di se bèt nan bwa ki touye l'. Konsa n'a wè si sa l' te wè nan rèv li yo va rive vre.
Let us now put him to death and put his body into one of these holes, and we will say, An evil beast has put him to death: then we will see what becomes of his dreams.
νῦν οὖν δεῦτε ἀποκτείνωμεν αὐτόν καὶ ρίψωμεν αὐτόν εἰς ἓνα τῶν λάκκων καὶ ἐροῦμεν θηρίον πονηρὸν κατέφαγεν αὐτόν καὶ ὀψόμεθα τί ἔσται τὰ ἐνύπνια αὐτοῦ
- 21 Woubenn t'ap koute yo, li t'ap chache yon jan pou sove Jozèf anba men yo. Li di yo: -Piga nou touye l'.
But Reuben, hearing these words, got him out of their hands, saying, Let us not take his life.
ἀκούσας δὲ ρουβὴν ἐξείλατο αὐτόν ἐκ τῶν χειρῶν αὐτῶν καὶ εἶπεν οὐ πατάξομεν αὐτόν εἰς ψυχὴν

- 22 Pa fè san koule. Ann voye l' jete nan pi sa a ki nan dezè a. Men, pa leve men sou li. Li t'ap di yo sa paske li te fè lide sove l' anba men yo pou l' te voye l' tounen bay papa l'.
Do not put him to a violent death, but let him be placed in one of the holes; this he said to keep him safe from their hands, with the purpose of taking him back to his father again.
εἶπεν δὲ αὐτοῖς ρουβην μὴ ἐκχέητε αἷμα ἐμβάλετε αὐτὸν εἰς τὸν λάκκον τοῦτον τὸν ἐν τῇ ἐρήμῳ χεῖρα δὲ μὴ ἐπενέγκητε αὐτῷ ὅπως ἐξέλθῃται αὐτὸν ἐκ τῶν χειρῶν αὐτῶν καὶ ἀποδῶ αὐτὸν τῷ πατρὶ αὐτοῦ
- 23 ¶ Lè Jozèf rive bò kote frè l' yo, yo wete bèl varèz long ak manch ki te sou li a.
So when Joseph came to his brothers, they took off his long coat which he had on;
ἐγένετο δὲ ἡνῖκα ἦλθεν ἰωσηφ πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ ἐξέδυσαν τὸν ἰωσηφ τὸν χιτῶνα τὸν ποικίλον τὸν περὶ αὐτὸν
- 24 Yo pran l', yo jete l' nan pi a. Pi a te vid, li pa t' gen dlo.
And they took him and put him in the hole: now the hole had no water in it.
καὶ λαβόντες αὐτὸν ἔρριψαν εἰς τὸν λάκκον ὃ δὲ λάκκος κενός ὕδωρ οὐκ εἶχεν
- 25 Apre sa, yo chita pou yo manje. Pandan yo leve je yo, konsa yo wè yon kolonn moun Izmayèl ki t'ap vwayaje. Yo te soti Galarad. Chamo yo te chaje ak gonm bwa, lansan ak lami yo t'ap pote al vann nan peyi Lejip.
Then seating themselves, they took their meal: and looking up, they saw a travelling band of Ishmaelites, coming from Gilead on their way to Egypt, with spices and perfumes on their camels.
ἐκάθισαν δὲ φαγεῖν ἄρτον καὶ ἀναβλέψαντες τοῖς ὀφθαλμοῖς εἶδον καὶ ἰδοὺ ὀδοιπόροι ἰσμηλίται ἤρχοντο ἐκ γαλααδ καὶ αἱ κάμηλοι αὐτῶν ἔγεμον θυμιαμάτων καὶ ῥητίνης καὶ στακτῆς ἐπορεύοντο δὲ καταγαγεῖν εἰς αἴγυπτον
- 26 Jida di frè l' yo konsa: -Sa sa ap rapòte nou pou nou touye frè nou an epi apre sa pou nou kache sa?
And Judah said to his brothers, What profit is there in putting our brother to death and covering up his blood?
εἶπεν δὲ ἰουδας πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ τί χρήσιμον ἔάν ἀποκτείνωμεν τὸν ἀδελφὸν ἡμῶν καὶ κρύψωμεν τὸ αἷμα αὐτοῦ
- 27 Annou vann li ak moun Izmayèl yo. Konsa nou p'ap bezwen leve men nou sou li. Apre tou, se frè nou li ye, se menm san ak nou. Frè l' yo tonbe dakò.
Let us give him to these Ishmaelites for a price, and let us not put violent hands on him, for he is our brother, our flesh. And his brothers gave ear to him.
δεῦτε ἀποδώμεθα αὐτὸν τοῖς ἰσμηλίταις τούτοις αἱ δὲ χεῖρες ἡμῶν μὴ ἔστωσαν ἐπ' αὐτόν ὅτι ἀδελφός ἡμῶν καὶ σὰρξ ἡμῶν ἐστιν ἤκουσαν δὲ οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ
- 28 Lè machann Madyan yo vin ap pase, yo rale Jozèf moute sot nan pi a. Yo vann li ak moun Izmayèl yo pou vin pyès lajan. Moun Izmayèl yo menm mennen l' nan peyi Lejip.
And some traders from Midian went by; so pulling Joseph up out of the hole, they gave him to the Ishmaelites for twenty bits of silver, and they took him to Egypt.
καὶ παρεπορεύοντο οἱ ἀνθρώποι οἱ μαδιηναῖοι οἱ ἔμποροι καὶ ἐξείλκυσαν καὶ ἀνεβίβασαν τὸν ἰωσηφ ἐκ τοῦ λάκκου καὶ ἀπέδοντο τὸν ἰωσηφ τοῖς ἰσμηλίταις εἴκοσι χρυσῶν καὶ κατήγαγον τὸν ἰωσηφ εἰς αἴγυπτον
- 29 Lè Woubenn tounen nan pi a, li pa jwenn Jozèf ladan l'. Sa te fè l' lapenn anpil. Li chire rad ki te sou li a.
Now when Reuben came back to the hole, Joseph was not there; and giving signs of grief,
ἀνέστρεψεν δὲ ρουβην ἐπὶ τὸν λάκκον καὶ οὐχ ὄρᾷ τὸν ἰωσηφ ἐν τῷ λάκκῳ καὶ διέρρηξεν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ
- 30 Li tounen al jwenn frè li yo, li di yo: -Ti gason an pa nan pi a non! Kisa m' pral fè koulye a?
He went back to his brothers, and said, The child is gone; what am I to do?
καὶ ἀνέστρεψεν πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ καὶ εἶπεν τὸ παιδάριον οὐκ ἔστιν ἐγὼ δὲ ποῦ πορεύομαι ἔτι
- 31 ¶ Yo touye yon bouk kabrit, yo pran bèl varèz Jozèf la, yo tranpe l' nan san an.
Then they took Joseph's coat, and put on it some of the blood from a young goat which they had put to death,
λαβόντες δὲ τὸν χιτῶνα τοῦ ἰωσηφ ἔσφαζαν ἔριφον αἰγῶν καὶ ἐμόλυναν τὸν χιτῶνα τῷ αἵματι
- 32 Yo voye varèz la bay papa yo ak komisyon sa a: -Men sa nou jwenn. Gade wè si se pa varèz pitit gason ou lan.
And they took the coat to their father, and said, We came across this; is it your son's coat or not?
καὶ ἀπέστειλαν τὸν χιτῶνα τὸν ποικίλον καὶ εἰσηνεγκαν τῷ πατρὶ αὐτῶν καὶ εἶπαν τοῦτον εὕρομεν ἐπίγνωθι εἰ χιτῶν τοῦ υἱοῦ σοῦ ἐστιν ἢ οὐ
- 33 Jakòb rekonèt rad la, li di: -Men wi, se varèz pitit gason m' lan. Se yon bèt nan bwa ki devore l'. Bèt la dechèpiye l' nèt.
And he saw that it was, and said, It is my son's coat; an evil beast has put him to death; without doubt Joseph has come to a cruel end.
καὶ ἐπέγνω αὐτὸν καὶ εἶπεν χιτῶν τοῦ υἱοῦ μου ἐστιν θηρίον πονηρὸν κατέφαγεν αὐτόν θηρίον ἤρπασεν τὸν ἰωσηφ
- 34 Sa ou tande a, yon sèl lapenn pran Jakòb, li chire rad ki te sou li, li mare yon tanga sak nan ren li. Li pase kèk tan ap kriye pou pitit gason l' lan.
Then Jacob, giving signs of grief, put on haircloth, and went on weeping for his son day after day.
διέρρηξεν δὲ ἰακωβ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ ἐπέθετο σάκκον ἐπὶ τὴν ὀσφὺν αὐτοῦ καὶ ἐπένθει τὸν υἱὸν αὐτοῦ ἡμέρας πολλάς

- 35 tout lòt gason l' yo ansanm ak pitit fi l' yo te vin ba l' kouraj, men li te refize tandè sa yo t'ap di l'. Li t'ap plede repete: -M'ap kriye pou pitit gason m' lan jouk m al jwenn li lè m'a mouri. Se konsa li t'ap kriye pou pitit gason l' lan.
 And all his sons and all his daughters came to give him comfort, but he would not be comforted, saying with weeping, I will go down to the underworld to my son. So great was his father's sorrow for him.
 συνήχθησαν δὲ πάντες οἱ υἱοὶ αὐτοῦ καὶ αἱ θυγατέρες καὶ ἦλθον παρακαλέσαι αὐτόν καὶ οὐκ ἠθέλην παρακαλεῖσθαι λέγων ὅτι καταβήσομαι πρὸς τὸν υἱόν μου πενθῶν εἰς ᾧδου καὶ ἔκλαυσεν αὐτὸν ὁ πατήρ αὐτοῦ
- 36 Pandan tout tan sa a, moun Madyan yo te gen tan vann Jozèf nan peyi Lejip ak Potifa, yonn nan chèf lame farawon an. Se li menm ki te kòmandan gad palè yo.
 And in Egypt the men of Midian gave him for a price to Potiphar, a captain of high position in Pharaoh's house.
 οἱ δὲ μαδιηναῖοι ἀπέδοντο τὸν Ἰωσήφ εἰς Αἴγυπτον τῷ πετεφρῇ τῷ σπᾶδοντι φαραῶ ἀρχιμαγείρῳ
- 1 ¶ Lè sa a, Jida kite frè l' yo, li al jwenn Ira, yon nonm lavil Adoulam.
 Now at that time, Judah went away from his brothers and became the friend of a man of Adullam named Hirah.
 ἐγένετο δὲ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ κατέβη Ἰουδᾶς ἀπὸ τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ καὶ ἀφίκετο ἕως πρὸς ἄνθρωπὸν τινα οδολλαμίτην ᾧ ὄνομα ἱρας
- 2 Antan li la, li wè yon fi. Papa fi a te yon moun peyi Kanaran yo te rele Chwa. Jida marye ak fi a, li kouche avè l'.
 And there he saw the daughter of a certain man of Canaan named Shua, and took her as his wife.
 καὶ εἶδεν ἐκεῖ Ἰουδᾶς θυγατέρα ἀνθρώπου χαναναίου ἣ ὄνομα σουα καὶ ἔλαβεν αὐτήν καὶ εἰσηλθεν πρὸς αὐτήν
- 3 Madanm lan vin ansent, li fè yon pitit gason. Jida rele pitit la Er.
 And she gave birth to a son, and he gave him the name Er.
 καὶ συλλαβοῦσα ἔτεκεν υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἧρ
- 4 Madanm lan vin ansent ankò, li fè yon lòt pitit gason, yo rele l' Onan.
 And again she gave birth to a son, and he gave him the name Onan.
 καὶ συλλαβοῦσα ἔτι ἔτεκεν υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἀναν
- 5 Li fè yon lòt pitit gason ankò, yo rele l' Chela. Jida te lavil Kezib lè madanm li fè Chela.
 Then she had another son, to whom she gave the name Shelah; she was at Chezib when the birth took place.
 καὶ προσθεῖσα ἔτι ἔτεκεν υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ σηλωμ αὐτὴ δὲ ἦν ἐν χασβί ἡνίκα ἔτεκεν αὐτούς
- 6 Jida chwazi yon fi yo rele Tama pou Er, premye pitit gason l' lan.
 And Judah took a wife for his first son Er, and her name was Tamar.
 καὶ ἔλαβεν Ἰουδᾶς γυναῖκα ἧρ τῷ πρωτοτόκῳ αὐτοῦ ἣ ὄνομα θαμαρ
- 7 Men Er, premye pitit Jida a, pa t' fè Seyè a plezi paske li te twò mechan. Se konsa Seyè a te fè l' mouri.
 Now Er, Judah's first son, did evil in the eyes of the Lord, so that he put him to death.
 ἐγένετο δὲ ἧρ πρωτότοκος Ἰουδα πονηρὸς ἐναντίον κυρίου καὶ ἀπέκτεινεν αὐτὸν ὁ θεός
- 8 Lè sa a, Jida di Onan: -Ale jwenn madanm frè ou la, kouche avè l'. Se devwa ou, paske ou se frè mari l' ki mouri. Konsa, w'a fè yon pitit pou frè ou pou non li pa pèdi.
 Then Judah said to Onan, Go in to your brother's wife and do what it is right for a husband's brother to do; make her your wife and get offspring for your brother.
 εἶπεν δὲ Ἰουδᾶς τῷ ἀναν εἰσελθε πρὸς τὴν γυναῖκα τοῦ ἀδελφοῦ σου καὶ γάμβρευσα αὐτήν καὶ ἀνάστησον σπέρμα τῷ ἀδελφῷ σου
- 9 Men Onan te konnen pitit la pa t'ap pou li. Se konsa, chak fwa li kouche ak madanm frè li a, li voye atè pou li pa t' fè pitit pou frè li a.
 But Onan, seeing that the offspring would not be his, went in to his brother's wife, but let his seed go on to the earth, so that he might not get offspring for his brother.
 γνοὺς δὲ ἀναν ὅτι οὐκ αὐτῷ ἔσται τὸ σπέρμα ἐγίνετο ὅταν εἰσῆρχετο πρὸς τὴν γυναῖκα τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ ἐξέχεεν ἐπὶ τὴν γῆν τοῦ μὴ δοῦναι σπέρμα τῷ ἀδελφῷ αὐτοῦ
- 10 Sa l' t'ap fè a pa t' fè Seyè a plezi. Se konsa Seyè a fè l' mouri tou.
 And what he did was evil in the eyes of the Lord, so that he put him to death, like his brother.
 πονηρὸν δὲ ἐφάνη ἐναντίον τοῦ θεοῦ ὅτι ἐποίησεν τοῦτο καὶ ἐθανάτωσεν καὶ τοῦτον

- 11 Lè sa a, Jida di Tama, bèlfi li a: -Ou mèt tounen kay papa ou, rete vèw san marye jouk tan Chela, lòt gason m' lan, vin gran. Li te di l' sa paske li te pè pou Chela pa t' mouri tankou frè l' yo. Tama menm tounen rete kay papa l'.
Then Judah said to Tamar, his daughter-in-law, Go back to your father's house and keep yourself as a widow till my son Shelah becomes a man: for he had in his mind the thought that death might come to him as it had come to his brothers. So Tamar went back to her father's house.
εἶπεν δὲ ἰουδας θαμαρ τῇ νόμφῃ αὐτοῦ κάθου χήρα ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς σου ἕως μέγας γένηται σηλωμ ὁ υἱός μου εἶπεν γὰρ μήποτε ἀποθάνῃ καὶ οὗτος ὥσπερ οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ ἀπελθοῦσα δὲ θαμαρ ἐκάθητο ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς αὐτῆς
- 12 ¶ Kèk tan apre sa, madanm Jida, pitit fi Chwa a, mouri. Apre Jida te fin fè sa pou l' te fè pou lanmò a, li moute al Timna ansanm ak zanmi l' lan, Ira, moun Adoulam lan. Li tapral wè moun ki t'ap taye lenn mouton l' yo pou li.
And after a time, Bath-shua, Judah's wife, came to her end; and after Judah was comforted for her loss, he went to Timnah, where they were cutting the wool of his sheep, and his friend Hirah of Adullam went with him.
ἐπιηθύθησαν δὲ αἱ ἡμέραι καὶ ἀπέθανεν σαυα ἡ γυνὴ ἰουδα καὶ παρακληθεὶς ἰουδας ἀνέβη ἐπὶ τοὺς κείροντας τὰ πρόβατα αὐτοῦ αὐτὸς καὶ ἱρας ὁ ποιμὴν αὐτοῦ ὁ οδολλαμίτης εἰς θαμνα
- 13 Yo fè Tama konn sa, yo di l': -Gade. Men bòpè ou ap moute al Timna, pou l' fè taye lenn mouton li yo.
And when Tamar had news that her father-in-law was going up to Timnah to the wool-cutting,
καὶ ἀπηγγέλη θαμαρ τῇ νόμφῃ αὐτοῦ λέγοντες ἰδοὺ ὁ παθερός σου ἀναβαίνει εἰς θαμνα κείρει τὰ πρόβατα αὐτοῦ
- 14 Se konsa, Tama wete rad vèw ki te sou li a, li kouvri tèt li ak yon vwal, li al chita bò pòtay lavil Enayim, sou chemen ki mennen Timna a. Li te wè Chela te fin gran, men Jida pa t' pran l' bay Chela pou madanm.
She took off her widow's clothing, and covering herself with her veil, she took her seat near Enaim on the road to Timnah; for she saw that Shelah was now a man, but she had not been made his wife.
καὶ περιελομένη τὰ ἱμάτια τῆς χηρεύσεως ἀφ' ἑαυτῆς περιεβάλετο θέριστρον καὶ ἐκαλωπίσατο καὶ ἐκάθισεν πρὸς ταῖς πύλαις αἰναν ἢ ἐστὶν ἐν παρόδῳ θαμνα εἶδεν γὰρ ὅτι μέγας γέγονεν σηλωμ αὐτὸς δὲ οὐκ ἔδωκεν αὐτὴν αὐτῷ γυναῖκα
- 15 Lè Jida wè l', li konprann se te yon jennès, paske figi l' te kouvri.
When Judah saw her he took her to be a loose woman of the town, because her face was covered.
καὶ ἰδὼν αὐτὴν ἰουδας ἔδοξεν αὐτὴν πόρνην εἶναι κατεκαλύψατο γὰρ τὸ πρόσωπον αὐτῆς καὶ οὐκ ἐπέγνω αὐτὴν
- 16 li al jwenn li bò chemen an, li di l': -vin non. Kite m' kouche avè ou. Li pa t' konnen se bèlfi li li te ye. Tama di li: -Kisa w'ap ban mwen pou m' kite ou kouche avè m'.
And turning to her by the roadside, he said to her, Let me come in to you; for he had no idea that she was his daughter-in-law. And she said, What will you give me as my price?
ἐξέκλινεν δὲ πρὸς αὐτὴν τὴν ὁδὸν καὶ εἶπεν αὐτῇ ἕασόν με εἰσελθεῖν πρὸς σέ οὐ γὰρ ἔγνων ὅτι ἡ νόμφῃ αὐτοῦ ἐστὶν ἡ δὲ εἶπεν τί μοι δώσεις ἐὰν εἰσέλθῃς πρὸς με
- 17 Jida reponn li: -m'a voye yon jenn kabrit ba ou nan bèt mwen yo. Tama di li: -Kisa w'a ban m' kenbe jouk ou voye l' ban mwen.
And he said, I will give you a young goat from the flock. And she said, What will you give me as a sign till you send it?
ὁ δὲ εἶπεν ἐγώ σοι ἀποστελῶ ἔριφον αἰγῶν ἐκ τῶν προβάτων ἡ δὲ εἶπεν ἐὰν δῶς ἀρραβῶνα ἕως τοῦ ἀποστελεῖαι σε
- 18 Jida reponn li: -Kisa ou vle m' ba ou kenbe? Tama di li: -Letanp ou a ak tout kòd li, ansanm ak baton ki nan men ou lan. Jida ba li yo. Li kouche ak li. Tama vin ansent pou li.
And he said, What would you have? And she said, Your ring and its cord and the stick in your hand. So he gave them to her and went in to her, and she became with child by him.
ὁ δὲ εἶπεν τίνα τὸν ἀρραβῶνά σοι δώσω ἡ δὲ εἶπεν τὸν δακτύλιόν σου καὶ τὸν ὀρμίσκον καὶ τὴν ῥάβδον τὴν ἐν τῇ χειρὶ σου καὶ ἔδωκεν αὐτῇ καὶ εἰσῆλθεν πρὸς αὐτὴν καὶ ἐν γαστρὶ ἔλαβεν ἐξ αὐτοῦ
- 19 Apre sa Tama leve, li al fè wout li. Li wete vwal la, epi li mete rad vèw li sou li ankò.
Then she got up and went away and took off her veil and put on her widow's clothing.
καὶ ἀναστᾶσα ἀπῆλθεν καὶ περιελάτο τὸ θέριστρον ἀφ' ἑαυτῆς καὶ ἐνεδύσατο τὰ ἱμάτια τῆς χηρεύσεως αὐτῆς
- 20 Jida voye zanmi l', moun lavil Adoulam lan, ak jenn kabrit la pou l' te ka reprann sa l' te bay fanm lan kenbe a. Men zanmi l' lan pa t' kapab jwenn fanm lan.
Then Judah sent his friend Hirah with the young goat, to get back the things which he had given as a sign to the woman: but she was not there.
ἀπέστειλεν δὲ ἰουδας τὸν ἔριφον ἐξ αἰγῶν ἐν χειρὶ τοῦ ποιμένος αὐτοῦ τοῦ οδολλαμίτου κομίσασθαι τὸν ἀρραβῶνα παρὰ τῆς γυναίκος καὶ οὐχ εὔρεν αὐτὴν
- 21 Li mande mesye ki te la yo. Kote jennès ki te chita bò chemen an, sou pòtay lavil Enayim lan? Yo reponn li: -Pa janm gen ankenn jennès bò isit la.
And he put questions to the men of the place, saying, Where is the loose woman who was in Enaim by the wayside? And they said, There was no such woman there.
ἐπιρώτησεν δὲ τοὺς ἀνδρας τοὺς ἐκ τοῦ τόπου τοῦ ἐστὶν ἡ πόρνη ἡ γενομένη ἐν αἰναν ἐπὶ τῆς ὁδοῦ καὶ εἶπαν οὐκ ἦν ἐνταῦθα πόρνη
- 22 Li tounen al jwenn Jida, li di l': -Mwen pa jwenn li non. Mesye nan zòn lan di m' pa janm gen ankenn jennès bò la.
So he went back to Judah, and said, I have not seen her, and the men of the place say that there is no such woman there.
καὶ ἀπεστράφη πρὸς ἰουδα καὶ εἶπεν οὐχ εὔρον καὶ οἱ ἄνθρωποι οἱ ἐκ τοῦ τόπου λέγουσιν μὴ εἶναι ὧδε πόρνην

- 23 Jida di l': -Pa fatigue kò ou chache reprann sak nan men l' lan. Moun va pase m' nan betiz twòp. Mwen voye kabrit la ba li, ou pa jwenn li. Kite sa!
And Judah said, Let her keep the things, so that we may not be shamed; I sent the young goat, but you did not see the woman.
 εἶπεν δὲ ἰουδας ἐχέτω αὐτά ἀλλὰ μήποτε καταγλασθῶμεν ἐγὼ μὲν ἀπέσταλκα τὸν ἔριφον τοῦτον σὺ δὲ οὐχ εὗρηκας
- 24 ¶ Sou twa mwa konsa, yo vin di Jida: -Tama, bèlfi ou la, lage kò l' nan jennès. Li gen tan ansent. Jida di yo: -Pran l', mennen l' deyò lavil la. Mete dife anwo l' jouk li mouri.
Now about three months after this, word came to Judah that Tamar, his daughter-in-law, had been acting like a loose woman and was with child. And Judah said, Take her out and let her be burned.
 ἐγένετο δὲ μετὰ τρίμηνον ἀπηγγέλη τῷ ἰουδα λέγοντες ἐκπετόρνευκεν θάμαρ ἡ νόμφη σου καὶ ἰδοὺ ἐν γαστρὶ ἔχει ἐκ πορνείας εἶπεν δὲ ἰουδας ἐξαγάγετε αὐτήν καὶ κατακαυθήτω
- 25 Yo t'ap mennen Tama deyò lavil la lè li voye komisyon sa a bay bòpè li: -Se pou mèt bagay sa yo mwen ansent. Gade wè si ou rekonèt ki moun ki mèt letanp sa a ak tout kòd li ansanm ak baton sa a?
And while she was being taken out, she sent word to her father-in-law, saying, The man whose property these things are, is the father of my child: say then, whose are this ring and this cord and this stick?
 αὐτὴ δὲ ἀγομένη ἀπέστειλεν πρὸς τὸν πενθερὸν αὐτῆς λέγουσα ἐκ τοῦ ἀνθρώπου τίνος ταῦτά ἐστιν ἐγὼ ἐν γαστρὶ ἔχω καὶ εἶπεν ἐπίγνωθι τίνος ὁ δακτύλιος καὶ ὁ ὀρμίσκος καὶ ἡ ῥάβδος αὐτῆ
- 26 Jida rekonèt yo, li di: -Li gen rezon. Se mwen menm ki antò. Mwen te dwe fè l' marye ak Chela, pitit gason m' lan. Jida pa t' kouche avè l' ankò.
Then Judah said openly that they were his, and said, She is more upright than I am, for I did not give her to Shelah my son. And he had no more connection with her.
 ἐπίγνω δὲ ἰουδας καὶ εἶπεν δεδικαίωται θάμαρ ἡ ἐγὼ οὐ εἵνεκεν οὐκ ἔδωκα αὐτὴν σιλωμ τῷ υἱῷ μου καὶ οὐ προσέθετο ἔτι τοῦ γνῶναι αὐτήν
- 27 Lè lè a rive pou Tama akouche, yo wè li te gen marasa nan vant li.
And when the time came for her to give birth, it was clear that there were two children in her body.
 ἐγένετο δὲ ἡνίκα ἔτικτεν καὶ τῆδε ἦν δίδυμα ἐν τῇ γαστρὶ αὐτῆς
- 28 Pandan li te gen tranche, yonn nan fimoun yo lonje men l' deyò. Fanmchay la kenbe men an, li mare yon moso fil wouj ladan l'. Li di: -Sa a fèt anvan.
And while she was in the act of giving birth, one of them put out his hand; and the woman who was with her put a red thread round his hand, saying, This one came out first.
 ἐγένετο δὲ ἐν τῷ τίκτειν αὐτὴν ὁ εἷς προεξήνεγκεν τὴν χεῖρα λαβοῦσα δὲ ἡ μαῖα ἔδησεν ἐπὶ τὴν χεῖρα αὐτοῦ κόκκινον λέγουσα οὗτος ἐξελεύσεται πρότερος
- 29 Men pitit la rale men an antre, epi se lòt frè a ki soti anvan. Fanmchay la di: -Se konsa ou fè chemen pou ou pase! Se poutèt sa yo rele l' Perèz.
But then he took his hand back again, and his brother came first to birth: and the woman said, What an opening you have made for yourself! So he was named Perez.
 ὥς δὲ ἐπισυνήγαγεν τὴν χεῖρα καὶ εὐθὺς ἐξῆλθεν ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ ἡ δὲ εἶπεν τί διεκόπη διὰ σὲ φραγμός καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ φαρὲς
- 30 Apre sa, frè li a soti ak fil wouj la mare nan men l'. Yo rele l' Zerak.
And then his brother came out, with the red thread round his hand, and he was named Zerak.
 καὶ μετὰ τούτου ἐξῆλθεν ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ ἐφ' ᾧ ἦν ἐπὶ τῇ χειρὶ αὐτοῦ τὸ κόκκινον καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ζαρα
- 1 ¶ Moun Izmayèl yo te mennen Jozèf nan peyi Lejip. Rive la, Potifa, yon moun peyi Lejip ki te chèf nan gouvènman farawon an ak kòmandan gad palè yo, achte l' nan men yo.
Now Joseph was taken down to Egypt; and Potiphar the Egyptian, a captain of high position in Pharaoh's house, got him for a price from the Ishmaelites who had taken him there.
 ἰωσηφ δὲ κατήχθη εἰς αἴγυπτον καὶ ἐκτήσατο αὐτὸν πετεφρης ὁ εὐνοῦχος φαραῶ ἀρχιμάγειρος ἀνὴρ αἰγύπτιος ἐκ χειρὸς ἰσραηλιτῶν οἱ κατήγαγον αὐτὸν ἐκεῖ
- 2 Seyè a te kanpe la avèk Jozèf. Li te fè tout bagay mache byen pou li. Jozèf te rete kay mèt li, moun peyi Lejip la.
And the Lord was with Joseph, and he did well; and he was living in the house of his master the Egyptian.
 καὶ ἦν κύριος μετὰ ἰωσηφ καὶ ἦν ἀνὴρ ἐπιτυχάνων καὶ ἐγένετο ἐν τῷ οἴκῳ παρὰ τῷ κυρίῳ τῷ αἰγυπτίῳ
- 3 Mèt li tout te wè Seyè a te avèk Jozèf. Seyè a te fè tout zafè l' mache byen.
And his master saw that the Lord was with him, making everything he did go well.
 ἦδει δὲ ὁ κύριος αὐτοῦ ὅτι κύριος μετ' αὐτοῦ καὶ ὅσα ἂν ποιῇ κύριος εὐδοοῖ ἐν ταῖς χερσὶν αὐτοῦ
- 4 Potifa te kontan ak Jozèf ak jan li t'ap sèvi li. Li mete l' reskonsab kay li, li renmèt li tout sa li te genyen.
And having a high opinion of Joseph as his servant, he made him the overseer of his house and gave him control over all he had.
 καὶ εὗρεν ἰωσηφ χάριν ἐναντίον τοῦ κυρίου αὐτοῦ εὐηρέσει δὲ αὐτῷ καὶ κατέστησεν αὐτὸν ἐπὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ πάντα ὅσα ἦν αὐτῷ ἔδωκεν διὰ χειρὸς ἰωσηφ
- 5 Depi lè Potifa te renmèt kay li ansanm ak tout sa li te genyen bay Jozèf, Seyè a beni kay moun peyi Lejip la poutèt Jozèf. Seyè a beni tout sa li te gen lakay li ak nan jaden l'.
And from the time when he made him overseer and gave him control of all his property, the blessing of the Lord was with the Egyptian, because of Joseph; the blessing of the Lord was on all he had, in the house and in the field.
 ἐγένετο δὲ μετὰ τὸ κατασταθῆναι αὐτὸν ἐπὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ ἐπὶ πάντα ὅσα ἦν αὐτῷ καὶ ἠυλόγησεν κύριος τὸν οἶκον τοῦ αἰγυπτίου διὰ ἰωσηφ καὶ ἐγενήθη εὐλογία κυρίου ἐν πᾶσιν τοῖς ὑπάρχουσι ν αὐτῷ ἐν τῷ οἴκῳ καὶ ἐν τῷ ἀγρῷ

- 6 Potifa te lage tout zafè l' nan men Jozèf. Li pa t' okipe anyen ankò, se annik vin chita manje. Jozèf te vin yon bèl gason byen kanpe.
 And he gave Joseph control of all his property, keeping no account of anything, but only the food which was put before him. Now Joseph was very beautiful in form and face.
 και ἐπέτρεψεν πάντα ὅσα ἦν αὐτῷ εἰς χεῖρας ἰωσηφ καὶ οὐκ ἤδει τῶν καθ' ἑαυτὸν οὐδὲν πλὴν τοῦ ἄρτου οὗ ἤσθιν αὐτός και ἦν ἰωσηφ καλὸς τῷ εἶδει και ὄραϊος τῇ ὄψει σφόδρα
- 7 ¶ Se konsa madanm mèt li a vin tonbe pou li. Li di l': -vin kouche avè m' non!
 And after a time, his master's wife, looking on Joseph with desire, said to him, Be my lover.
 και ἐγένετο μετὰ τὰ ῥήματα ταῦτα και ἐπέβαλεν ἡ γυνὴ τοῦ κυρίου αὐτοῦ τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτῆς ἐπὶ ἰωσηφ και εἶπεν κοιμήθητι μετ' ἐμοῦ
- 8 Men Jozèf derefize, li di l': -Mèt mwen an pa okipe anyen k'ap pase nan kay li a, paske mwen la. Li lage tout bagay nan men m'.
 But he would not, and said to her, You see that my master keeps no account of what I do in his house, and has put all his property in my control;
 ὁ δὲ οὐκ ἤθελεν εἶπεν δὲ τῇ γυναικὶ τοῦ κυρίου αὐτοῦ εἰ ὁ κύριός μου οὐ γινώσκει δι' ἐμὲ οὐδὲν ἐν τῷ οἴκῳ αὐτοῦ και πάντα ὅσα ἐστὶν αὐτῷ ἔδωκεν εἰς τὰς χεῖράς μου
- 9 Mwen gen menm otorite avè l' nan kay la, li pa defann mwen manyen anyen, esepite ou menm, paske se madanm li ou ye. Ki jan ou ta vle pou m' fè yon bagay konsa, pou m' fè peche sa a kont Bondye?
 So that no one has more authority in this house than I have; he has kept nothing back from me but you, because you are his wife; how then may I do this great wrong, sinning against God?
 και οὐχ ὑπερέχει ἐν τῇ οἰκίᾳ ταύτῃ οὐθὲν ἐμοῦ οὐδὲ ὑπεξήρηται ἀπ' ἐμοῦ οὐδὲν πλὴν σου διὰ τὸ σὲ γυναῖκα αὐτοῦ εἶναι και πῶς ποιήσω τὸ ῥῆμα τὸ πονηρὸν τοῦτο και ἀμαρτήσομαι ἐναντίον τοῦ Θεοῦ
- 10 Se chak jou li te nan kò Jozèf. Men, Jozèf te toujou derefize kouche avè l'.
 And day after day she went on requesting Joseph to come to her and be her lover, but he would not give ear to her.
 ἡνίκα δὲ ἐλάλει τῷ ἰωσηφ ἡμέραν ἐξ ἡμέρας και οὐχ ὑπήκουσεν αὐτῇ καθεύδειν μετ' αὐτῆς τοῦ συγγενέσθαι αὐτῇ
- 11 Yon jou, Jozèf vin pou fè travay li nan kay la. Lè sa a pesonn pa t' la:
 Now one day he went into the house to do his work; and not one of the men of the house was inside.
 ἐγένετο δὲ τοιαύτη τις ἡμέρα εἰσῆλθεν ἰωσηφ εἰς τὴν οἰκίαν ποιεῖν τὰ ἔργα αὐτοῦ και οὐθεὶς ἦν τῶν ἐν τῇ οἰκίᾳ ἔσω
- 12 Madanm lan kenbe rad Jozèf, li di l': -Jòdi a, se pou ou kouche avè m'. Lè Jozèf wè sa, li chape kò l' met deyò, li kite rad la nan men madanm lan.
 And pulling at his coat, she said, Come to my bed; but slipping out of his coat, he went running away.
 και ἐπεσπάσατο αὐτὸν τῶν ἱματίων λέγουσα κοιμήθητι μετ' ἐμοῦ και καταλιπὼν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ ἐν ταῖς χερσὶν αὐτῆς ἔφυγεν και ἐξῆλθεν ἔξω
- 13 ¶ Madanm lan menm, lè li wè Jozèf te kite rad la nan men l' pou l' kouri ale deyò,
 And when she saw that he had got away, letting her keep his coat,
 και ἐγένετο ὡς εἶδεν ὅτι κατέλιπεν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ ἐν ταῖς χερσὶν αὐτῆς και ἔφυγεν και ἐξῆλθεν ἔξω
- 14 li rele domestik li yo, li di yo: -Nou wè sa! Mari mwen mennen yon ebre nan kay la, men koulye a li soti pou avili m'. Li vini jwenn mwen jouk isit la, li vle pou m' kouche avè l'. Mwen pete rele.
 She sent for the men of her house and said to them, See, he has let a Hebrew come here and make sport of us; he came to my bed, and I gave a loud cry;
 και ἐκάλεσεν τοὺς ὄντας ἐν τῇ οἰκίᾳ και εἶπεν αὐτοῖς λέγουσα ἴδετε εἰσήγαγεν ἡμῖν παῖδα εβραῖον ἐμπαΐζειν ἡμῖν εἰσῆλθεν πρὸς με λέγων κοιμήθητι μετ' ἐμοῦ και ἐβόησα φωνῇ μεγάλῃ
- 15 Lè li tande m' rele a, msye kouri, li met deyò, li kite rad li la bò kote m'.
 And hearing it he went running out without his coat.
 ἐν δὲ τῷ ἀκοῦσαι αὐτὸν ὅτι ὑψωσα τὴν φωνήν μου και ἐβόησα καταλιπὼν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ παρ' ἐμοῦ ἔφυγεν και ἐξῆλθεν ἔξω
- 16 Madanm lan kite rad la bò kote l', li tann mèt Jozèf la tounen lakay la.
 And she kept his coat by her, till his master came back.
 και καταλιμπάνει τὰ ἱμάτια παρ' ἑαυτῆς ἕως ἦλθεν ὁ κύριος εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ
- 17 Li rakonte l' menm bagay la, li di l': -Esklav ebre ou mennen lakay la vin jwenn mwen jouk isit la pou avili m'.
 Then she gave him the same story, saying, The Hebrew servant whom you have taken into our house came in to make sport of me;
 και ἐλάλησεν αὐτῷ κατὰ τὰ ῥήματα ταῦτα λέγουσα εἰσῆλθεν πρὸς με ὁ παῖς ὁ εβραῖος ὃν εἰσήγαγες πρὸς ἡμᾶς ἐμπαΐζαί μοι και εἶπέν μοι κοιμηθήσομαι μετὰ σου
- 18 Men, mwen pete yon rèl, li kouri met deyò, li kite rad li bò kote m'.
 And when I gave a loud cry he went running out without his coat.
 ὡς δὲ ἤκουσεν ὅτι ὑψωσα τὴν φωνήν μου και ἐβόησα κατέλιπεν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ παρ' ἐμοῦ και ἔφυγεν και ἐξῆλθεν ἔξω

- 19 ¶ Lè Potifa tande madanm li di l' sa domestik li a te fè l', li move sou Jozèf.
And hearing his wife's account of what his servant had done, he became very angry.
 ἐγένετο δὲ ὡς ἤκουσεν ὁ κύριος αὐτοῦ τὰ ῥήματα τῆς γυναίκος αὐτοῦ ὅσα ἐλάλησεν πρὸς αὐτὸν λέγουσα οὕτως ἐποίησέν μοι ὁ παῖς σου καὶ ἐθυμώθη ὀργῇ
- 20 Li fè arete l', mete l' nan prizon kote yo fèmen tout prizonnye wa a. Se konsa Jozèf twouve l' nan prizon.
And Joseph's master took him and put him in prison, in the place where the king's prisoners were kept in chains, and he was there in the prison-house.
 καὶ λαβὼν ὁ κύριος ἰωσηφ ἐνέβαλεν αὐτὸν εἰς τὸ ὄχυρῶμα εἰς τὸν τόπον ἐν ᾧ οἱ δεσμῶται τοῦ βασιλέως κατέχονται ἐκεῖ ἐν τῷ ὄχυρῶματι
- 21 Men Seyè a te kanpe la avèk Jozèf. Li moutre l' jan l' te renmen l', li fè chèf prizon an gen Jozèf konfyans.
But the Lord was with Joseph, and was good to him, and made the keeper of the prison his friend.
 καὶ ἦν κύριος μετὰ ἰωσηφ καὶ κατέχεεν αὐτοῦ ἔλεος καὶ ἔδωκεν αὐτῷ χάριν ἐναντίον τοῦ ἀρχιδεσμοφύλακος
- 22 Li mete l' veye tout lòt prizonnye yo. Se li menm ki te reskonsab tout bagay nan prizon an.
And the keeper of the prison put all the prisoners under Joseph's control, and he was responsible for whatever was done there.
 καὶ ἔδωκεν ὁ ἀρχιδεσμοφύλαξ τὸ δεσμοτήριον διὰ χειρὸς ἰωσηφ καὶ πάντας τοὺς ἀπηγμένους ὅσοι ἐν τῷ δεσμοτηρίῳ καὶ πάντα ὅσα ποιοῦσιν ἐκεῖ
- 23 Depi li te renmèt yon bagay nan men Jozèf, li pa t' bezwen okipe anyen ankò paske Seyè a te la avèk Jozèf. Seyè a te fè tout zafè l' mache byen.
And the keeper of the prison gave no attention to anything which was under his care, because the Lord was with him; and the Lord made everything he did go well.
 οὐκ ἦν ὁ ἀρχιδεσμοφύλαξ τοῦ δεσμοτηρίου γινώσκων δι' αὐτὸν οὐθὲν πάντα γὰρ ἦν διὰ χειρὸς ἰωσηφ διὰ τὸ τὸν κύριον μετ' αὐτοῦ εἶναι καὶ ὅσα αὐτὸς ἐποίει κύριος εὐόδου ἐν ταῖς χερσὶν αὐτοῦ
- 1 ¶ Kèk tan apre sa, chèf kanbiz ak chèf boulanje wa Lejip la te fè mèt yo yon bagay.
Now after these things the chief servant who had the care of the wine, and the chief bread-maker in Pharaoh's house, did something against Pharaoh's orders;
 ἐγένετο δὲ μετὰ τὰ ῥήματα ταῦτα ἤμαρτεν ὁ ἀρχιοινοχός τοῦ βασιλέως αἰγύπτου καὶ ὁ ἀρχισιτοποιὸς τῷ κυρίῳ αὐτῶν βασιλεῖ αἰγύπτου
- 2 Farawon an te move ni sou chèf kanbiz la ni sou chèf boulanje a.
And Pharaoh was angry with his two servants, with the chief wine-servant and the chief bread-maker;
 καὶ ὀργίσθη φαραῶ ἐπὶ τοῖς δυοῖν εὐνούχοις αὐτοῦ ἐπὶ τῷ ἀρχιοινοχῷ καὶ ἐπὶ τῷ ἀρχισιτοποιῷ
- 3 Se konsa li te mete yo lakay kòmandan gad palè a, kote yo te fèmen Jozèf nan prizon an.
And he put them in prison under the care of the captain of the army, in the same prison where Joseph himself was shut up.
 καὶ ἔθετο αὐτοὺς ἐν φυλακῇ παρὰ τῷ δεσμοφύλακι εἰς τὸ δεσμοτήριον εἰς τὸν τόπον οὗ ἰωσηφ ἀπήκτο ἐκεῖ
- 4 Kòmandan gad palè a mete yo sou kont Jozèf pou l' sèvi yo. Yo pase kèk tan nan prizon an.
And the captain put them in Joseph's care, and he did what was needed for them; and they were kept in prison for some time.
 καὶ συνέστησεν ὁ ἀρχιδεσμώτης τῷ ἰωσηφ αὐτοὺς καὶ παρέστη αὐτοῖς ἦσαν δὲ ἡμέρας ἐν τῇ φυλακῇ
- 5 ¶ Yon jou lannwit, antan yo nan prizon an, chèf kanbiz ak chèf boulanje wa a te fè yo chak yon rèv. Chak rèv te gen sans pa yo.
And these two had a dream on the same night; the chief wine-servant and the chief bread-maker of the king of Egypt, who were in prison, the two of them had dreams with a special sense.
 καὶ εἶδον ἀμφότεροι ἐνύπνιον ἐκάτερος ἐνύπνιον ἐν μιᾷ νυκτὶ ὄρασις τοῦ ἐνυπνίου αὐτοῦ ὁ ἀρχιοινοχός καὶ ὁ ἀρχισιτοποιός οἱ ἦσαν τῷ βασιλεῖ αἰγύπτου οἱ ὄντες ἐν τῷ δεσμοτηρίῳ
- 6 Lè Jozèf vin jwenn yo nan denmen maten, li jwenn yo boulvèse.
And in the morning when Joseph came to them he saw that they were looking sad.
 εἰσῆλθεν δὲ πρὸς αὐτοὺς ἰωσηφ τὸ πρωὶ καὶ εἶδεν αὐτοὺς καὶ ἦσαν τεταραγμένοι
- 7 Li mande yo: -Poukisa nou kagou konsa jòdi a?
And he said to the servants of Pharaoh who were in prison with him, Why are you looking so sad?
 καὶ ἠρώτα τοὺς εὐνούχους φαραῶ οἱ ἦσαν μετ' αὐτοῦ ἐν τῇ φυλακῇ παρὰ τῷ κυρίῳ αὐτοῦ λέγων τί ὅτι τὰ πρόσωπα ὑμῶν σκυθρωπὰ σήμερον
- 8 Yo reponn li: -Nou chak fè yon rèv, men pa gen pesonn isit la ki ka esplike nou rèv yo. Jozèf reponn yo: -Eske se pa Bondye sèl ki ka esplike bagay konsa? Rakonte m' rèv nou yo.
Then they said to him, We have had a dream, and no one is able to give us the sense. And Joseph said, Does not the sense of dreams come from God? what was your dream?
 οἱ δὲ εἶπαν αὐτῷ ἐνύπνιον εἶδομεν καὶ ὁ συγκρίνων οὐκ ἔστιν αὐτὸ εἶπεν δὲ αὐτοῖς ἰωσηφ οὐχὶ διὰ τοῦ θεοῦ ἡ διασάφησις αὐτῶν ἔστιν διηγήσασθε οὖν μοι
- 9 Chèf kanbiz la rakonte Jozèf rèv li te fè a, li di l': -Nan rèv mwen an, mwen wè yon pye rezen devan m'.
Then the chief wine-servant gave Joseph an account of his dream, and said, In my dream I saw a vine before me;
 καὶ διηγήσατο ὁ ἀρχιοινοχός τὸ ἐνύπνιον αὐτοῦ τῷ ἰωσηφ καὶ εἶπεν ἐν τῷ ὕπνῳ μου ἦν ἄμπελος ἐναντίον μου

- 10 Li te gen twa branch. Branch yo pran boujonnen, yo fè flè, yo fè rezen, rezen yo mi.
And on the vine were three branches; and it seemed as if it put out buds and flowers, and from them came grapes ready for cutting.
ἐν δὲ τῇ ἀμπέλῳ τρεῖς πυθμένες καὶ αὐτὴ θάλλουσα ἀνενηνοχῶα βλαστούς πέπειροι οἱ βότρυες σταφυλῆς
- 11 Gwo gode farawon an te nan men mwen. Mwen pran rezen yo, mwen piye yo nan gode farawon an, lèfini mwen bay wa a li.
And Pharaoh's cup was in my hand, and I took the grapes and crushing them into Pharaoh's cup, gave the cup into Pharaoh's hand.
καὶ τὸ ποτήριον φαραῶ ἐν τῇ χειρὶ μου καὶ ἔλαβον τὴν σταφυλὴν καὶ ἐξέθλιψα αὐτὴν εἰς τὸ ποτήριον καὶ ἔδωκα τὸ ποτήριον εἰς τὰς χεῖρας φαραῶ
- 12 Jozèf di li: -Men sa rèv la vle di: Twa branch yo se twa jou.
Then Joseph said, This is the sense of your dream: the three branches are three days;
καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰωσήφ τοῦτο ἡ σύγκρισις αὐτοῦ οἱ τρεῖς πυθμένες τρεῖς ἡμέραι εἰσὶν
- 13 Nan twa jou, farawon an pral chonje ou, li pral mete ou nan pozisyon ou ankò. Ou pral bay farawon an diven jan ou te konn fè l' anvan lè ou te chèf kanbiz li a.
After three days Pharaoh will give you honour, and put you back into your place, and you will give him his cup as you did before, when you were his wine-servant.
ἔτι τρεῖς ἡμέραι καὶ μνησθήσεται φαραῶ τῆς ἀρχῆς σου καὶ ἀποκαταστήσει σε ἐπὶ τὴν ἀρχαιονοχῶαν σου καὶ δώσεις τὸ ποτήριον φαραῶ εἰς τὴν χεῖρα αὐτοῦ κατὰ τὴν ἀρχὴν σου τὴν προτέραν ὡς ἦσθα οἰνοχοῶν
- 14 Men, lè tout bagay va mache byen pou ou, pa bliye m'. Tanpri, rann mwen sèvis sa a, pale ak farawon an pou mwen. Fè m' soté nan prizon sa a.
But keep me in mind when things go well for you, and be good to me and say a good word for me to Pharaoh and get me out of this prison:
ἀλλὰ μνήσθητί μου διὰ σεαυτοῦ ὅταν εὖ σοι γένηται καὶ ποιήσεις ἐν ἔμοι ἔλεος καὶ μνησθήσῃ περὶ ἐμοῦ φαραῶ καὶ ἐξάξεις με ἐκ τοῦ ὄχυρόματος τοῦτου
- 15 Ou wè: se vòlè yo te vòlè m' nan peyi Ebre yo. Isit la menm, mwen pa t' fè anyen pou yo te mete m' nan prizon.
For truly I was taken by force from the land of the Hebrews; and I have done nothing for which I might be put in prison.
ὅτι κλοπῇ ἐκλάπην ἐκ γῆς εβραίων καὶ ὧδε οὐκ ἐποίησα οὐδέν ἀλλ' ἐνέβαλόν με εἰς τὸν λάκκον τοῦτου
- 16 Lè chèf boulanje a wè bèl esplikasyon Jozèf te bay lòt la, li di l': -Mwen menm tout mwen fè yon rèv. Mwen wè te gen twa panyen pen sou tèt mwen.
Now when the chief bread-maker saw that the first dream had a good sense, he said to Joseph, I had a dream; and in my dream there were three baskets of white bread on my head;
καὶ εἶδεν ὁ ἀρχισιτοποιὸς ὅτι ὀρθῶς συνέκρινεν καὶ εἶπεν τῷ ἰωσήφ κἀγὼ εἶδον ἐνόπνιον καὶ ὦμην τρία κανᾶ χονδριτῶν αἶρην ἐπὶ τῆς κεφαλῆς μου
- 17 Nan panyen ki te anwo nèt la, te gen tout kalite bagay yo konn kwit nan fou pou wa a. Men, zwazo t'ap manje yo nan panyen an sou tèt mwen.
And in the top basket were all sorts of cooked meats for Pharaoh; and the birds were taking them out of the baskets on my head.
ἐν δὲ τῷ κανῶ τῷ ἐπάνω ἀπὸ πάντων τῶν γενῶν ὧν ὁ βασιλεὺς φαραῶ ἐσθίει ἔργον σιτοποιοῦ καὶ τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ κατήσθιεν αὐτὰ ἀπὸ τοῦ κανοῦ τοῦ ἐπάνω τῆς κεφαλῆς μου
- 18 Jozèf reponn li: -Men sa rèv la vle di: Twa panyen yo se twa jou.
Then Joseph said, This is the sense of your dream: the three baskets are three days;
ἀποκριθεὶς δὲ ἰωσήφ εἶπεν αὐτῷ αὕτη ἡ σύγκρισις αὐτοῦ τὰ τρία κανᾶ τρεῖς ἡμέραι εἰσὶν
- 19 Nan twa jou farawon an pral fè rele ou, l'ap fè yo pann ou nan yon pyebwa, kote zwazo ap vin dechèpiye ou.
After three days Pharaoh will take you out of prison, hanging you on a tree, so that your flesh will be food for birds.
ἔτι τριῶν ἡμερῶν ἀφελεῖ φαραῶ τὴν κεφαλὴν σου ἀπὸ σοῦ καὶ κρεμάσει σε ἐπὶ ξύλου καὶ φάγεται τὰ ὄρνεα τοῦ οὐρανοῦ τὰς σάρκας σου ἀπὸ σοῦ
- 20 ¶ Sou twa jou vre, farawon an t'ap fè yon gwo resepsyon pou tout chèf ki t'ap sèvi avè l' yo, paske se te jou fèt li. Li fè rele chèf kanbiz la ak chèf boulanje a devan tout lòt chèf yo.
Now the third day was Pharaoh's birthday, and he gave a feast for all his servants; and he gave honour to the chief wine-servant and the chief bread-maker among the others.
ἐγένετο δὲ ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ ἡμέρα γενέσεως ἦν φαραῶ καὶ ἐποίει πότον πᾶσι τοῖς παισὶν αὐτοῦ καὶ ἐμνήσθη τῆς ἀρχῆς τοῦ ἀρχαιονοχοῦ καὶ τῆς ἀρχῆς τοῦ ἀρχισιτοποιοῦ ἐν μέσῳ τῶν παίδων αὐτοῦ
- 21 Li mete chèf kanbiz la nan plas li ankò pou sèvi l'.
And he put the chief wine-servant back in his old place; and he gave the cup into Pharaoh's hand.
καὶ ἀπεκατέστησεν τὸν ἀρχαιονοχῶον ἐπὶ τὴν ἀρχὴν αὐτοῦ καὶ ἔδωκεν τὸ ποτήριον εἰς τὴν χεῖρα φαραῶ
- 22 Men, li fè pann chèf boulanje a, jan Jozèf te di yo a.
But the chief bread-maker was put to death by hanging, as Joseph had said.
τὸν δὲ ἀρχισιτοποιὸν ἐκρέμασεν καθὰ συνέκρινεν αὐτοῖς ἰωσήφ

- 23 Men, chèf kanbiz la pa dòmi reve Jozèf, li bliye l' nèt.
But the wine-servant did not keep Joseph in mind or give a thought to him.
οὐκ ἐμνήσθη δὲ ὁ ἀρχινοχὸς τοῦ ἰωσήφ ἀλλὰ ἐπελάθετο αὐτοῦ
- 1 ¶ Dezan te fin pase. Farawon an fè yon rèv. Li wè li te kanpe bò larivyè Nil la.
Now after two years had gone by, Pharaoh had a dream; and in his dream he was by the side of the Nile;
ἐγένετο δὲ μετὰ δύο ἔτη ἡμερῶν φαραῶ εἶδεν ἐνύπνιον ὅτε ἐστάναι ἐπὶ τοῦ ποταμοῦ
- 2 Li wè sèt bèl vach byen gra moute soti nan larivyè a, yo t'ap manje zèb bò dlo a.
And out of the Nile came seven cows, good-looking and fat, and their food was the river-grass.
καὶ ἰδοὺ ὡσπερ ἐκ τοῦ ποταμοῦ ἀνέβαινον ἑπτὰ βόες καλαὶ τῷ εἶδει καὶ ἐκλεκταὶ ταῖς σαρξίν καὶ ἐβόσκοντο ἐν τῷ ἄξει
- 3 Apre sa, sèt lòt vach tout lèd, tout mèg, moute soti nan dlo a tou. Yo vin kanpe toupre lòt vach yo, bò dlo a.
And after them seven other cows came out of the Nile, poor-looking and thin; and they were by the side of the other cows.
ἄλλαι δὲ ἑπτὰ βόες ἀνέβαινον μετὰ ταύτας ἐκ τοῦ ποταμοῦ αἰσχροὶ τῷ εἶδει καὶ λεπταὶ ταῖς σαρξίν καὶ ἐνέμοντο παρὰ τὰς βόας παρὰ τὸ χεῖλος τοῦ ποταμοῦ
- 4 Sèt vye vach mèg yo manje sèt bèl vach gra yo. Epi je farawon an vin klè.
And the seven thin cows made a meal of the seven fat cows. Then Pharaoh came out of his sleep.
καὶ κατέφαγον αἱ ἑπτὰ βόες αἱ αἰσχροὶ καὶ λεπταὶ ταῖς σαρξίν τὰς ἑπτὰ βόας τὰς καλὰς τῷ εἶδει καὶ τὰς ἐκλεκτάς ἠγέρθη δὲ φαραῶ
- 5 Dòmi pran l' ankò, li fè yon lòt rèv. Li wè sèt gwo grap ble ki t'ap pouse sou yon sèl pye ble. Yo te plen grenn, yo te mi.
But he went to sleep again and had a second dream, in which he saw seven heads of grain, full and good, all on one stem.
καὶ ἐνυπνιάσθη τὸ δευτέρον καὶ ἰδοὺ ἑπτὰ στάχυες ἀνέβαινον ἐν πυθμένι ἐνὶ ἐκλεκτοῖ καὶ καλοῖ
- 6 Apre sa, sèt lòt grap vin parèt sou menm pye ble a. Yo te chèch, van nòde te fin boule yo.
And after them came up seven other heads, thin and wasted by the east wind.
ἄλλοι δὲ ἑπτὰ στάχυες λεπτοὶ καὶ ἀνεμόφθοροι ἀνεφύοντο μετ' αὐτούς
- 7 Sèt grap chèch yo souse sèt bèl grap yo. Epi je farawon an vin klè ankò. Se rèv sa yo li te fè.
And the seven thin heads made a meal of the good heads. And when Pharaoh was awake he saw it was a dream.
καὶ κατέπινον οἱ ἑπτὰ στάχυες οἱ λεπτοὶ καὶ ἀνεμόφθοροι τοὺς ἑπτὰ στάχους τοὺς ἐκλεκτοὺς καὶ τοὺς πλήρεις ἠγέρθη δὲ φαραῶ καὶ ἦν ἐνύπνιον
- 8 Nan maten, li te boulvèse anpil, li voye chache dènye divinò ak nèg save ki nan peyi Lejip la. Li rakonte yo rèv la, men yo yonn pa t' kapab esplikè rèv la ba li.
And in the morning his spirit was troubled; and he sent for all the wise men of Egypt and all the holy men, and put his dream before them, but no one was able to give him the sense of it.
ἐγένετο δὲ πρωὶ καὶ ἐταράχθη ἡ ψυχὴ αὐτοῦ καὶ ἀποστείλας ἐκάλεσεν πάντας τοὺς ἐξηγητὰς αἰγύπτου καὶ πάντας τοὺς σοφοὺς αὐτῆς καὶ διηγήσατο αὐτοῖς φαραῶ τὸ ἐνύπνιον καὶ οὐκ ἦν ὁ ἀπαγγέλλων αὐτὸ τῷ φαραῶ
- 9 ¶ Se lè sa a, chèf kanbiz la di farawon an: -Koulye a mwen chonje mwen te fè yon fèt.
Then the chief wine-servant said to Pharaoh, The memory of my sin comes back to me now;
καὶ ἐλάλησεν ὁ ἀρχινοχὸς πρὸς φαραῶ λέγων τὴν ἁμαρτίαν μου ἀναμνήσκω σήμερον
- 10 Yon jou, monwa, ou te ankòlè sou sèvitè ou yo. Ou te fè mete yo nan prizon lakay kòmandan gad palè ou la. Se te mwen menm, chèf kanbiz ou a, ansanm ak chèf boulanje ou la.
Pharaoh had been angry with his servants, and had put me in prison in the house of the captain of the army, together with the chief bread-maker;
φαραῶ ὠργίσθη τοῖς παισίν αὐτοῦ καὶ ἔθετο ἡμᾶς ἐν φυλακῇ ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ ἀρχιμαγείρου ἐμὲ τε καὶ τὸν ἀρχισιτοποιόν
- 11 Yon jou lannwit, nou tout de nou reve. Chak moun te fè yon rèv diferan. Chak rèv te gen sans pa l'.
And we had a dream on the same night, the two of us, and the dreams had a special sense.
καὶ εἶδομεν ἐνύπνιον ἐν νυκτὶ μιᾷ ἐγὼ τε καὶ αὐτός ἕκαστος κατὰ τὸ αὐτοῦ ἐνύπνιον εἶδομεν
- 12 Te gen yon jenn ebre avèk nou nan prizon an. Se te yon esklav kòmandan gad palè a. Nou rakonte l' rèv nou yo. Epi li esplikè yo ban nou, li bay chak moun sans rèv li te fè a.
And there was with us a young Hebrew, the captain's servant, and when we put our dreams before him, he gave us the sense of them.
ἦν δὲ ἐκεῖ μεθ' ἡμῶν νεανίσκος παῖς εβραῖος τοῦ ἀρχιμαγείρου καὶ διηγησάμεθα αὐτῷ καὶ συνέκρινεν ἡμῖν
- 13 tout bagay pase jan li te di a: Sou twa jou vre, farawon an te mete m' nan plas mwen ankò. Pou chèf boulanje a menm, li te fè pann li.
And it came about as he said: I was put back in my place, and the bread-maker was put to death by hanging.
ἐγενήθη δὲ καθὼς συνέκρινεν ἡμῖν οὕτως καὶ συνέβη ἐμὲ τε ἀποκατασταθῆναι ἐπὶ τὴν ἀρχὴν μου ἐκεῖνον δὲ κρεμασθῆναι

- 14 Farawon an voye chache Jozèf. Yo fè l' soti byen vit nan prizon an. Jozèf fè labab, li koupe cheve l', li chanje rad, epi li parèt devan farawon an.
Then Pharaoh sent for Joseph, and they took him quickly out of prison; and when his hair had been cut and his dress changed, he came before Pharaoh.
ἀποστείλας δὲ φαραω ἐκάλεσεν τὸν ἰωσηφ καὶ ἐξήγαγον αὐτὸν ἐκ τοῦ ὀχυρώματος καὶ ἐξόρησαν αὐτὸν καὶ ἤλλαξαν τὴν στολὴν αὐτοῦ καὶ ἦλθεν πρὸς φαραω
- 15 Farawon an di Jozèf konsa: -Mwen fè yon rèv, pesonn pa ka di m' sa l' vle di. Men yo di m' depi yo rakonte ou yon rèv, ou ka esplike l'.
And Pharaoh said to Joseph, I have had a dream, and no one is able to give me the sense of it; now it has come to my ears that you are able to give the sense of a dream when it is put before you.
εἶπεν δὲ φαραω τῷ ἰωσηφ ἐνύπνιον ἐώρακα καὶ ὁ συγκρίνων οὐκ ἔστιν αὐτὸ ἐγὼ δὲ ἀκήκοα περὶ σοῦ λεγόντων ἀκούσαντά σε ἐνύπνια συγκρίναι αὐτά
- 16 Jozèf reponn farawon an: -Se pa mwen menm non! Se Bondye ki pral bay farawon an esplikasyon rèv la.
Then Joseph said, Without God there will be no answer of peace for Pharaoh.
ἀποκριθεὶς δὲ ἰωσηφ τῷ φαραω εἶπεν ἄνευ τοῦ θεοῦ οὐκ ἀποκριθήσεται τὸ σωτήριον φαραω
- 17 ¶ Farawon an di: -Mwen reve mwen te kanpe bò larivyè Nil la.
Then Pharaoh said, In my dream I was by the side of the Nile:
ἐλάλησεν δὲ φαραω τῷ ἰωσηφ λέγων ἐν τῷ ὕπνῳ μου ὄμην ἐστάναι παρὰ τὸ χεῖλος τοῦ ποταμοῦ
- 18 Konsa, sèt bèl vach byen gra te moute soti nan larivyè a, yo t'ap manje zèb bò dlo a.
And out of the Nile came seven cows, fat and good-looking, and their food was the river-grass;
καὶ ὥσπερ ἐκ τοῦ ποταμοῦ ἀνέβαινον ἑπτὰ βόες καλαὶ τῷ εἶδει καὶ ἐκλεκταὶ ταῖς σαρξίν καὶ ἐνέμοντο ἐν τῷ ἄχρῳ
- 19 Apre sa, sèt lòt vach tout mèg, tout lèd, tout chèch te moute soti nan dlo a deyè lòt yo. Mwen poko janm wè vye vach lèd konsa nan tout peyi Lejip la.
Then after them came seven other cows, very thin and poor-looking, worse than any I ever saw in the land of Egypt;
καὶ ἰδοὺ ἑπτὰ βόες ἕτεραι ἀνέβαινον ὀπίσω αὐτῶν ἐκ τοῦ ποταμοῦ πονηραὶ καὶ αἰσχροὶ τῷ εἶδει καὶ λεπταὶ ταῖς σαρξίν οἷας οὐκ εἶδον τοιαύτας ἐν ὅλῃ γῆ αἰγύπτῳ αἰσχροτέρας
- 20 Vye vach mèg yo manje bèl vach gra yo.
And the thin cows made a meal of the seven fat cows who came up first;
καὶ κατέφαγον αἱ ἑπτὰ βόες αἱ αἰσχροὶ καὶ λεπταὶ τὰς ἑπτὰ βόας τὰς πρώτας τὰς καλὰς καὶ ἐκλεκτάς
- 21 Lè yo te fin vale yo, se tankou si yo pa t' janm manje. Yo te rete menm jan yo te ye anvan an. Epi je m' vin klè.
And even with the fat cows inside them they seemed as bad as before. And so I came out of my sleep.
καὶ εἰσῆλθον εἰς τὰς κοιλίας αὐτῶν καὶ οὐ διάδηλοι ἐγένοντο ὅτι εἰσῆλθον εἰς τὰς κοιλίας αὐτῶν καὶ αἱ ὄψεις αὐτῶν αἰσχροὶ καθὰ καὶ τὴν ἀρχὴν ἐξεγερθεὶς δὲ ἐκοιμήθη
- 22 Apre sa, mwen fè yon lòt rèv. Mwen wè sèt grap ble byen plen, byen mi ki t'ap pouse ansanm sou yon sèl pye ble a.
And again in a dream I saw seven heads of grain, full and good, coming up on one stem:
καὶ εἶδον πάλιν ἐν τῷ ὕπνῳ μου καὶ ὥσπερ ἑπτὰ στάχυες ἀνέβαινον ἐν πυθμένι ἐνὶ πλήρει καὶ καλοὶ
- 23 Apre sa, sèt lòt grap parèt deyè yo. Yo te chèch, van nòde te fin boule yo.
And then I saw seven other heads, dry, thin, and wasted by the east wind, coming up after them:
ἄλλοι δὲ ἑπτὰ στάχυες λεπτοὶ καὶ ἀνεμόφθοροι ἀνεφύοντο ἐχόμενοι αὐτῶν
- 24 Grap mèg yo souse sèt bèl grap yo. Mwen rakonte rèv yo bay divinò yo, men yo yonn pa t' kapab esplike yo ban mwen.
And the seven thin heads made a meal of the seven good heads; and I put this dream before the wise men, but not one of them was able to give me the sense of it.
καὶ κατέπιον οἱ ἑπτὰ στάχυες οἱ λεπτοὶ καὶ ἀνεμόφθοροι τοὺς ἑπτὰ στάχους τοὺς καλοὺς καὶ τοὺς πλήρεις εἶπα οὖν τοῖς ἐξηγηταῖς καὶ οὐκ ἦν ὁ ἀπαγγέλλων μοι
- 25 Jozèf di farawon an: -tout de rèv yo vle di menm bagay la: Bondye fè ou konnen sa li pral fè.
Then Joseph said, These two dreams have the same sense: God has made clear to Pharaoh what he is about to do.
καὶ εἶπεν ἰωσηφ τῷ φαραω τὸ ἐνύπνιον φαραω ἐν ἑστίν ὅσα ὁ θεὸς ποιεῖ ἐδειξεν τῷ φαραω
- 26 Sèt vach gra yo, se sèt lanne. Sèt bèl grap yo se sèt lanne tou. Yo vle di menm bagay.
The seven fat cows are seven years, and the seven good heads of grain are seven years: the two have the same sense.
αἱ ἑπτὰ βόες αἱ καλαὶ ἑπτὰ ἔτη ἔστιν καὶ οἱ ἑπτὰ στάχυες οἱ καλοὶ ἑπτὰ ἔτη ἔστιν τὸ ἐνύπνιον φαραω ἐν ἑστίν
- 27 Sèt vach tout mèg, tout lèd ki vin apre lòt yo, se sèt lanne. Sèt grap ble boule yo, se sèt lanne tou. Sa vle di pral gen sèt lanne grangou.
The seven thin and poor-looking cows who came up after them are seven years; and the seven heads of grain, dry and wasted by the east wind, are seven years when there will be no food.
καὶ αἱ ἑπτὰ βόες αἱ λεπταὶ αἱ ἀναβαίνουσαι ὀπίσω αὐτῶν ἑπτὰ ἔτη ἔστιν καὶ οἱ ἑπτὰ στάχυες οἱ λεπτοὶ καὶ ἀνεμόφθοροι ἔσονται ἑπτὰ ἔτη λιμοῦ

- 28 Se jan m' sot di farawon an: Bondye vle fè ou konnen sa li pral fè.
As I said to Pharaoh before, God has made clear to him what he is about to do.
τὸ δὲ ῥῆμα ὃ εἶρηκα φαραω ὅσα ὁ θεὸς ποιεῖ ἔδειξεν τῷ φαραω
- 29 Pandan sèt lanne pral gen bèl rekòt nan tout peyi Lejip la.
Seven years are coming in which there will be great wealth of grain in Egypt;
ἰδοὺ ἑπτὰ ἔτη ἔρχεται εὐθηνία πολλή ἐν πάσῃ γῆ αἰγύπτω
- 30 Apre sa, pral gen sèt lanne grangou. Lè sa a, moun pral bliye tout bèl rekòt yo te fè nan peyi a. Grangou pral fini nèt ak peyi a.
And after that will come seven years when there will not be enough food; and the memory of the good years will go from men's minds; and the land will be made waste by the bad years;
ἦξει δὲ ἑπτὰ ἔτη λιμοῦ μετὰ ταῦτα καὶ ἐπιλήσονται τῆς πλησμονῆς ἐν ὅλῃ γῆ αἰγύπτω καὶ ἀναλώσει ὁ λιμὸς τὴν γῆν
- 31 Grangou ki pral tonbe sou peyi a pral rèd anpil. Moun p'ap wè tras rekòt ki te fèt nan peyi a.
And men will have no memory of the good time because of the need which will come after, for it will be very bitter.
καὶ οὐκ ἐπιγνοσθήσεται ἡ εὐθηνία ἐπὶ τῆς γῆς ἀπὸ τοῦ λιμοῦ τοῦ ἐσομένου μετὰ ταῦτα ἰσχυρὸς γὰρ ἔσται σφόδρα
- 32 Si farawon an fè menm rèv la de fwa, sa vle di Bondye gen tan fin fè plan l' nèt. Se yon bagay Bondye pral fè talè konsa.
And this dream came to Pharaoh twice, because this thing is certain, and God will quickly make it come about.
περὶ δὲ τοῦ δευτερωῦσαι τὸ ἐνύπνιον φαραω δὶς ὅτι ἀληθὲς ἔσται τὸ ῥῆμα τὸ παρὰ τοῦ θεοῦ καὶ ταχυνεῖ ὁ θεὸς τοῦ ποιῆσαι αὐτό
- 33 ¶ Koulye a, se pou farawon an chwazi yon moun ki gen lespri ak bon konprann pou l' mete l' chèf sou tout peyi Lejip la.
And now let Pharaoh make search for a man of wisdom and good sense, and put him in authority over the land of Egypt.
νῦν οὖν σκέψαι ἄνθρωπον φρόνιμον καὶ συνετὸν καὶ κατάστησον αὐτὸν ἐπὶ γῆς αἰγύπτου
- 34 Se pou ou mete chèf toupatou nan peyi Lejip la, pou yo ranmase yon senkyèm nan tout rekòt ki pral fèt pandan sèt bon lanne yo.
Let Pharaoh do this, and let him put overseers over the land of Egypt to put in store a fifth part of the produce of the land in the good years.
καὶ ποιησάτω φαραω καὶ καταστησάτω τοπάρχας ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἀποπεμπωσάτωσαν πάντα τὰ γενήματα τῆς γῆς αἰγύπτου τῶν ἑπτὰ ἐτῶν τῆς εὐθηνίας
- 34 Mwen pa konnen ki pye pou m' ta mete devan pou m' tounen kay papa m' san ti gason an pa avèk nou. Mwen pa ta vle wè lapenn sa a tonbe sou papa m'.
For how may I go back to my father without the boy, and see the evil which will come on my father?
πῶς γὰρ ἀναβήσομαι πρὸς τὸν πατέρα τοῦ παιδίου μὴ ὄντος μεθ' ἡμῶν ἵνα μὴ ἴδω τὰ κακὰ ἃ εὕρησει τὸν πατέρα μου
- 1 ¶ Jozèf pa t' kapab kenbe ankò devan tout moun ki t'ap sèvi l' yo. Li di byen fò: -Fè tout moun soti. Se konsa, pesonn pa t' la avèk Jozèf lè li fè frè l' yo rekonèt li.
Then Joseph, unable to keep back his feelings before those who were with him, gave orders for everyone to be sent away, and no one was present when he made clear to his brothers who he was.
καὶ οὐκ ἠδύνατο ἰωσήφ ἀνέχεσθαι πάντων τῶν παρεστηκότων αὐτῷ ἄλλ' εἶπεν ἐξαποστείλατε πάντας ἀπ' ἐμοῦ καὶ οὐ παρειστήκει οὐδεὶς ἔτι τῷ ἰωσήφ ἠνίκα ἀνεγνωρίζετο τοῖς ἀδελφοῖς αὐτοῦ
- 2 Li te pran kriye byen fò, tèlman fò moun peyi Lejip yo te tande l'. Bri a te rive jouk lakay farawon an.
And so loud was his weeping, that it came to the ears of the Egyptians and all Pharaoh's house.
καὶ ἀφήκεν φωνὴν μετὰ κλαυθμοῦ ἤκουσαν δὲ πάντες οἱ αἰγύπτιοι καὶ ἀκουστὸν ἐγένετο εἰς τὸν οἶκον φαραῶ
- 3 Jozèf di frè l' yo: -Se mwen menm Jozèf. Eske papa m' vivan toujou? Men frè l' yo pa t' kapab reponn li paske yo te boulvèse lè yo wè l' devan yo.
And Joseph said to his brothers, I am Joseph: is my father still living? But his brothers were not able to give him an answer for they were troubled before him.
εἶπεν δὲ ἰωσήφ πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ ἐγὼ εἰμι ἰωσήφ ἔτι ὁ πατήρ μου ζῆ καὶ οὐκ ἐδύνατο οἱ ἀδελφοὶ ἀποκριθῆναι αὐτῷ ἐταράχθησαν γὰρ
- 4 Jozèf di frè l' yo: -Pwoche vin pi pre m'. Yo pwoche, li di yo: -Se mwen menm Jozèf wi, frè nou an. Se mwen menm wi nou te vann bay moun ki tapral peyi Lejip la.
Then Joseph said to his brothers, Come near to me. And they came near, And he said, I am Joseph your brother, whom you sent into Egypt.
εἶπεν δὲ ἰωσήφ πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ ἐγγίσατε πρὸς με καὶ ἤγγισαν καὶ εἶπεν ἐγὼ εἰμι ἰωσήφ ὁ ἀδελφὸς ὑμῶν ὃν ἀπέδοσθε εἰς αἴγυπτον
- 5 Men koulye a, nou pa bezwen boulvèse. Nou pa bezwen règrèt nou te vann mwen pou you mennen m' isit la. Se Bondye ki te voye m' devan pou m' te ka sove lavi nou.
Now do not be troubled or angry with yourselves for sending me away, because God sent me before you to be the saviour of your lives.
νῦν οὖν μὴ λυπεῖσθε μηδὲ σκληρὸν ὑμῖν φανήτω ὅτι ἀπέδοσθέ με ὅδε εἰς γὰρ ζωὴν ἀπέστειλέν με ὁ θεὸς ἔμπροσθεν ὑμῶν
- 6 Sa fè dezan depi grangou tonbe sou peyi a. Men, p'ap gen mwayen travay latè ni fè rekòt pou senk lanne ankò.
For these two years have been years of need, and there are still five more years to come in which there will be no ploughing or cutting of grain.
τοῦτο γὰρ δεύτερον ἔτος λιμὸς ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἔτι λοιπὰ πέντε ἔτη ἐν οἷς οὐκ ἔσται ἀροτρίασις οὐδὲ ἄμητος
- 7 Bondye te voye m' vini devan pou ras nou an pa t' fini nan peyi a, pou m' te ka sove lavi nou, pou nou pa mourì.
God sent me before you to keep you and yours living on earth so that you might become a great nation.
ἀπέστειλεν γὰρ με ὁ θεὸς ἔμπροσθεν ὑμῶν ὑπολείπεσθαι ὑμῶν κατάλειμμα ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἐκθρέψαι ὑμῶν κατάλειψιν μεγάλην

- 8 Nou wè. Se pa nou menm ki te voye m' isit la, men se Bondye. Se Bondye menm ki mete m' sèvi yon papa pou farawon an. Mwen se chèf nan tout kay li, se mwen k'ap gouvènènan tout peyi Lejip la.
So now it was not you who sent me here, but God: and he has made me as a father to Pharaoh, and lord of all his house, and ruler over all the land of Egypt.
νὺν οὖν οὐχ ὑμεῖς με ἀπεστάλακατε ὧδε ἀλλ' ἢ ὁ θεός και ἐποίησέν με ὡς πατέρα φαραω και κύριον παντὸς τοῦ οἴκου αὐτοῦ και ἄρχοντα πάσης γῆς αἰγύπτου
- 9 Koulye a, prese tounen kay papa m'. Al di l': Men sa Jozèf, pitit gason l' lan, voye di l': Bondye mete m' chèf sou tout peyi Lejip la. Desann vin jwenn mwen. Pa mize.
Now go quickly to my father, and say to him, Your son Joseph says, God has made me ruler over all the land of Egypt: come down to me straight away:
σπεύσαντες οὖν ἀνάβητε πρὸς τὸν πατέρα μου και εἶπατε αὐτῷ τάδε λέγει ὁ υἱός σου ιωσηφ ἐποίησέν με ὁ θεός κύριον πάσης γῆς αἰγύπτου κατάβηθι οὖν πρὸς με και μὴ μείνης
- 10 Ou pral rete nan peyi Gochenn. Konsa, w'a toupren m', ou menm ansanm ak pitit ou yo, pitit pitit ou yo, mouton ou yo, bèf ou yo ak tout sa ou genyen.
The land of Goshen will be your living-place, and you will be near me; you and your children and your children's children, and your flocks and herds and all you have:
και κατοικήσεις ἐν γῆ γεσεμ ἀραβίας και ἔσῃ ἐγγὺς μου σὺ και οἱ υἱοί σου και οἱ υἱοὶ τῶν υἱῶν σου τὰ πρόβατά σου και αἱ βόες σου και ὅσα σοὶ ἐστιν
- 11 Lè wa Gochenn, m'a pran swen ou, paske grangou a la pou senk lanne ankò.
And there I will take care of you, so that you and your family may not be in need, for there are still five bad years to come.
και ἐκθρέψω σε ἐκεῖ ἐτι γὰρ πέντε ἐτη λιμός ἵνα μὴ ἐκτριβῆς σὺ και οἱ υἱοί σου και πάντα τὰ ὑπάρχοντά σου
- 12 Koulye a, nou wè, pa vre. Benjamen, frè m' lan, wè tout se mwen menm menm Jozèf k'ap pale ak nou an.
Now truly, your eyes see, and the eyes of my brother Benjamin see, that it is my mouth which says these things to you.
ἰδοὺ οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν βλέπουσιν και οἱ ὀφθαλμοὶ βενιαμιν τοῦ ἀδελφοῦ μου ὅτι τὸ στόμα μου τὸ λαλοῦν πρὸς ὑμᾶς
- 13 Fè papa m' konnen jan moun respekte m' isit nan peyi Lejip. Rakonte l' tou sa nou wè. Prese mennen papa m' desann isit la.
Give my father word of all my glory in Egypt and of all you have seen; and come back quickly with my father.
ἀπαγγείλατε οὖν τῷ πατρί μου πᾶσαν τὴν δόξαν μου τὴν ἐν αἰγύπτῳ και ὅσα εἶδετε και ταχύναντες καταγάγετε τὸν πατέρα μου ὧδε
- 14 Epi li lage kò l' nan bra Benjamen, frè li a, li konmanse kriye ankò. Benjamen tout t'ap kriye sou zepòl li.
Then, weeping, he took Benjamin in his arms, and Benjamin himself was weeping on Joseph's neck.
και ἐπιτεσῶν ἐπὶ τὸν τράχηλον βενιαμιν τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ ἔκλαυσεν ἐπ' αὐτῷ και βενιαμιν ἔκλαυσεν ἐπὶ τῷ τραχήλῳ αὐτοῦ
- 15 Apre sa, li bo tout frè li yo, li t'ap kriye toujou. Lèfini, frè l' yo pran pale ak li.
Then he gave a kiss to all his brothers, weeping over them; and after that his brothers had no fear of talking to him.
και καταφιλήσας πάντας τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ ἔκλαυσεν ἐπ' αὐτοῖς και μετὰ ταῦτα ἐλάλησαν οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ πρὸς αὐτόν
- 16 ¶ Lè moun lakay farawon yo vin konnen frè Jozèf yo te vini, sa te fè farawon an ak chèf li yo kontan.
And news of these things went through Pharaoh's house, and it was said that Joseph's brothers were come; and it seemed good to Pharaoh and his servants.
και διεβοήθη ἡ φωνὴ εἰς τὸν οἶκον φαραω λέγοντες ἦκασιν οἱ ἀδελφοὶ ιωσηφ ἐχάρη δὲ φαραω και ἡ θεραπεία αὐτοῦ
- 17 Farawon an di Jozèf konsa: -Pale ak frè ou yo. Di yo men sa pou yo fè: Chaje bèt yo, ale nan peyi Kananan.
And Pharaoh said to Joseph, Say to your brothers, Put your goods on your beasts and go back to the land of Canaan;
εἶπεν δὲ φαραω πρὸς ιωσηφ εἰπὸν τοῖς ἀδελφοῖς σου τοῦτο ποιήσατε γεμίσατε τὰ πορεῖα ὑμῶν και ἀπέλθατε εἰς γῆν χαναν
- 18 Lè y'a rive, y'a pran papa yo ak tout fanmi yo, y'a tounen vin jwenn mwen. m'a ba yo pi bon tè ki nan peyi Lejip la pou fè jaden. Y'a manje pi bon manje ki gen nan peyi a.
And get your father and your families and come back to me: and I will give you all the good things of Egypt, and the fat of the land will be your food.
και παραλαμβάνετε τὸν πατέρα ὑμῶν και τὰ ὑπάρχοντα ὑμῶν ἥκετε πρὸς με και δώσω ὑμῖν πάντων τῶν ἀγαθῶν αἰγύπτου και φάγεσθε τὸν μωλὸν τῆς γῆς
- 19 Ou menm poutèt pa ou, w'a di yo sa pou yo fè. Y'a pran kèk cha nan peyi Lejip la pou timoun yo ak madanm yo. Y'a mennen papa yo vini.
And say to them, This you are to do: take carts from the land of Egypt for your little ones and for your wives, and get your father and come back.
σὺ δὲ ἔντειλαι ταῦτα λαβεῖν αὐτοῖς ἀμάξας ἐκ γῆς αἰγύπτου τοῖς παιδίοις ὑμῶν και ταῖς γυναῖξιν και ἀναλαμβάνετε τὸν πατέρα ὑμῶν παραγίνεσθε
- 20 Yo pa bezwen règrèt kite anyen, paske se pi bon bagay nan tout peyi Lejip la m'ap ba yo.
And take no thought for your goods, for the best of all the land of Egypt is yours.
και μὴ φείσησθε τοῖς ὀφθαλμοῖς τῶν σκευῶν ὑμῶν τὰ γὰρ πάντα ἀγαθὰ αἰγύπτου ὑμῖν ἐσται
- 21 Se sa menm pitit Izrayèl yo te fè. Jozèf ba yo kèk cha jan farawon an te ba li lòd la. Li ba yo pwovizyon pou fè vwayaj la.
And the children of Israel did as he said; and Joseph gave them carts as had been ordered by Pharaoh, and food for their journey.
ἐποίησαν δὲ οὕτως οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἔδωκεν δὲ ιωσηφ αὐτοῖς ἀμάξας κατὰ τὰ εἰρημένα ὑπὸ φαραω τοῦ βασιλέως και ἔδωκεν αὐτοῖς ἐπισιτισμὸν εἰς τὴν ὁδόν

- 22 Li ba yo chak yon rad tout nèf. Men, li bay Benjamen twasan (300) pyès lajan ak senk rad nèf.
To every one of them he gave three changes of clothing; but to Benjamin he gave three hundred bits of silver and five changes of clothing.
και πᾶσιν ἔδωκεν δισῶδες στολὰς τῷ δὲ βενιαμιν ἔδωκεν τριακοσίους χρυσοῦς και πέντε ἐξάλλασσοῦσας στολὰς
- 23 Apre sa, li pran dis mal bourik chaje ak pi bon bagay ki te nan peyi Lejip la, dis fennèl bourik chaje ak ble ak pen ak tout kalite lòt pwovizyon ankò, li voye bay papa l' pou l' ka fè vwayaj la.
And to his father he sent ten asses with good things from Egypt on their backs, and ten she-asses with grain and bread and food for his father on the journey.
και τῷ πατρὶ αὐτοῦ ἀπέστειλεν κατὰ τὰ αὐτὰ και δέκα ὄνους αἶροντας ἀπὸ πάντων τῶν ἀγαθῶν αἰγύπτου και δέκα ἡμιόνους αἰρούσας ἄρτους τῷ πατρὶ αὐτοῦ εἰς ὁδόν
- 24 Lè l'ap voye frè l' yo pati, li di yo: -Piga nou chache kont yonn ak lòt nan chemen an, tandè.
And he sent his brothers on their way, and said to them, See that you have no argument on the road.
ἐξἀπέστειλεν δὲ τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ και ἐπορεύθησαν και εἶπεν αὐτοῖς μὴ ὀργίζεσθε ἐν τῇ ὁδῷ
- 25 ¶ Yo kite peyi Lejip, yo rive Kanaran lakay Jakòb, papa yo.
So they went up from Egypt and came to the land of Canaan, to their father Jacob.
και ἀνέβησαν ἐξ αἰγύπτου και ἦλθον εἰς γῆν χανααν πρὸς ιακωβ τὸν πατέρα αὐτῶν
- 26 Yo di l': -Papa, Jozèf la toujou wi. Se li menm k'ap gouvènè peyi Lejip la wi. Men, Jakòb rete tout frèt, paske li pa t' kwè yo.
And they said to him, Joseph is living, and is ruler over all the land of Egypt. And at this word Jacob was quite overcome, for he had no faith in it.
και ἀνήγγειλαν αὐτῷ λέγοντες ὅτι ὁ υἱός σου ιωσηφ ζῆ και αὐτὸς ἄρχει πάσης γῆς αἰγύπτου και ἐξέστη ἡ διάνοια ιακωβ οὐ γὰρ ἐπίστευεν αὐτοῖς
- 27 Men, lè yo rakonte l' tout sa Jozèf te di yo, lè li wè cha Jozèf te voye pou l' te ka vwayaje a, Jakòb gen yon sèl kontantman ki pran l'.
And they gave him an account of everything Joseph had said to them; and when he saw the carts which Joseph had sent for them, his spirit came back to him:
ἐλάλησαν δὲ αὐτῷ πάντα τὰ ρηθέντα ὑπὸ ιωσηφ ὅσα εἶπεν αὐτοῖς ἰδὼν δὲ τὰς ἀμάξας ὡς ἀπέστειλεν ιωσηφ ὥστε ἀναλαβεῖν αὐτὸν ἀνεξοπύρησεν τὸ πνεῦμα ιακωβ τοῦ πατρὸς αὐτῶν
- 28 Li di yo: -Se kont. Jozèf, pitit mwen an, vivan toujou. Fòk m ale pou m' ka wè l' anvan m' mourì.
And Israel said, It is enough: Joseph my son is still living; I will go and see him before my death.
εἶπεν δὲ ἰσραηλ μέγα μοί ἐστιν εἰ ἔτι ιωσηφ ὁ υἱός μου ζῆ πορευθεὶς ὄψομαι αὐτὸν πρὸ τοῦ ἀποθανεῖν με
- 1 ¶ Izrayèl pati avèk tout sa li te genyen. li al Bècheba, li touye bèt, li ofri yo bay Bondye Izarak, papa li.
And Israel went on his journey with all he had, and came to Beer-sheba, where he made offerings to the God of his father Isaac.
ἀπάρας δὲ ἰσραηλ αὐτὸς και πάντα τὰ αὐτοῦ ἦλθεν ἐπὶ τὸ φρέαρ τοῦ ὄρκου και ἔθυσεν θυσίαν τῷ θεῷ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἰσαακ
- 2 Jou lannwit sa a, Bondye pale ak Izrayèl nan rèv, li di l': -Jakòb! Jakòb! Jakòb reponn: -Men mwen wi.
And God said to Israel in a night-vision, Jacob, Jacob. And he said, Here am I.
εἶπεν δὲ ὁ θεὸς ἰσραηλ ἐν ὀράματι τῆς νυκτὸς εἶπας ιακωβ ιακωβ ὁ δὲ εἶπεν τί ἐστιν
- 3 Bondye di li: -Mwen se Bondye, Bondye papa ou la. Ou pa bezwen pè desann ale nan peyi Lejip paske m'ap fè pitit pitit ou yo tounen yon gwo pèp laba a.
And he said, I am God, the God of your father: go down to Egypt without fear, for I will make a great nation of you there:
λέγων ἐγὼ εἰμι ὁ θεὸς τῶν πατέρων σου μὴ φοβοῦ καταβῆναι εἰς αἴγυπτον εἰς γὰρ ἔθνος μέγα ποιήσω σε ἐκεῖ
- 4 M'ap desann avè ou nan peyi Lejip, m'ap fè pitit pitit ou yo tounen isit la ankò. Se Jozèf ki va fèmen je ou lè wa mourì.
I will go down with you to Egypt, and I will see that you come back again, and at your death Joseph will put his hands on your eyes.
και ἐγὼ καταβήσομαι μετὰ σοῦ εἰς αἴγυπτον και ἐγὼ ἀναβιβάσω σε εἰς τέλος και ιωσηφ ἐπιβαλεῖ τὰς χεῖρας ἐπὶ τοὺς ὀφθαλμούς σου
- 5 ¶ Jakòb pati, li kite Bècheba. Pitit Izrayèl yo pran Jakòb, papa yo, ansanm ak timoun yo ak madanm yo, yo fè yo moute sou cha farawon an te voye pou yo vwayaje a.
Then Jacob went on from Beer-sheba; and the sons of Jacob took their father and their little ones and their wives in the carts which Pharaoh had sent for them.
ἀνέστη δὲ ιακωβ ἀπὸ τοῦ φρέατος τοῦ ὄρκου και ἀνέλαβον οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὸν πατέρα αὐτῶν και τὴν ἀποσκευὴν και τὰς γυναῖκας αὐτῶν ἐπὶ τὰς ἀμάξας ὡς ἀπέστειλεν ιωσηφ ἄραι αὐτὸν
- 6 Yo pran tout bèt ak tout byen yo te fè nan peyi Kanaran an. Yo desann nan peyi Lejip. Yo mennen Jakòb desann nan peyi Lejip ak tout pitit pitit li yo.
And they took their cattle and all the goods which they had got in the land of Canaan, and came to Egypt, even Jacob and all his seed:
και ἀναλαβόντες τὰ ὑπάρχοντα αὐτῶν και πᾶσαν τὴν κτήσιν ἣν ἐκτήσαντο ἐν γῆ χανααν εἰσῆλθον εἰς αἴγυπτον ιακωβ και πᾶν τὸ σπέρμα αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ
- 7 Jakòb pran pitit gason l' yo ak pitit fi l' yo, pitit pitit li yo, fi kou gason, li desann nan peyi Lejip ak yo tout.
His sons and his sons' sons, his daughters and his daughters' sons and all his family he took with him into Egypt.
υἱοὶ και οἱ υἱοὶ τῶν υἱῶν αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ θυγατέρες και θυγατέρες τῶν υἱῶν αὐτοῦ και πᾶν τὸ σπέρμα αὐτοῦ ἤγαγεν εἰς αἴγυπτον

- 8 Men non pitit Izrayèl yo ansanm ak pitit pitit yo ki te desann nan peyi Lejip: Jakòb ak pitit gason l' yo. Premye gason an te rele Woubenn.
And these are the names of the children of Israel who came into Egypt, even Jacob and all his sons: Reuben, Jacob's oldest son;
ταῦτα δὲ τὰ ὀνόματα τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ τῶν εἰσελθόντων εἰς αἴγυπτον ἰακώβ καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ πρωτότοκος ἰακώβ ρουβην
- 9 Men non pitit Woubenn yo: Enòk, Palou, Ezwon ak Kami.
And the sons of Reuben: Hanoch and Pallu and Hezron and Carmi;
υἱοὶ δὲ ρουβην ενωχ καὶ φαλλους ασρων καὶ χαρμι
- 10 Men non pitit Simeyon yo: Jemouyèl, Jamen, Orad, Jaken, Zoka ak Sayil. Li te fè dènye sa a ak yon fanm peyi Kanaran.
And the sons of Simeon: Jemuel and Jamin and Ohad and Jachin and Zohar and Shaul, the son of a woman of Canaan;
υἱοὶ δὲ σιμεων ἰεμουηλ καὶ ἰαμιν καὶ αωδ καὶ ἰαχιν καὶ σααρ καὶ σαουλ υἱὸς τῆς χανανίτιδος
- 11 Men non pitit gason Levi yo: Gèchon, Keyat ak Merari.
And the sons of Levi: Gershon, Kohath, and Merari;
υἱοὶ δὲ λευι γηρσων καθ καὶ μεραρι
- 12 Men non pitit gason Jida yo: Er, Onan, Chela, Perèz ak Zerak. Men Er ak Onan te mouri nan peyi Kanaran. Perèz te gen de pitit gason: Ezwon ak Amoul.
And the sons of Judah: Er and Onan and Shelah and Perez and Zerah: but Er and Onan had come to their death in the land of Canaan; and the sons of Perez were Hezron and Hamul.
υἱοὶ δὲ ἰουδα ἦρ καὶ ουναν καὶ σηλωμ καὶ φαρες καὶ ζαρα ἀπέθανεν δὲ ἦρ καὶ ουναν ἐν γῆ χαναν ἐγένοντο δὲ υἱοὶ φαρες ασρων καὶ ἰεμουηλ
- 13 Men non pitit Isaka yo: Tola, Pouva, Jòb ak Chimwon.
And the sons of Issachar: Tola and Puah and Job and Shimron;
υἱοὶ δὲ ἰσσαχαρ θωλα καὶ φουα καὶ ἰασουβ καὶ ζαμβραμ
- 14 Men non pitit Zabilon yo: Serèd, Elon ak Jaleyèl.
And the sons of Zebulun: Sered and Elon and Jahleel;
υἱοὶ δὲ ζαβουλων σερεδ καὶ ἀλλων καὶ ἀλοηλ
- 15 Se pitit sa yo Leya te fè pou Jakòb lè yo te Mezopotami. Leya te fè yon fi tout yo te rele Dena. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou tranntwa gason ak yon fi.
All these, together with his daughter Dinah, were the children of Leah, whom Jacob had by her in Paddan-aram; they were thirty-three in number.
οὗτοι υἱοὶ λειας οὗς ἔτεκεν τῷ ἰακώβ ἐν μεσοποταμίᾳ τῆς συρίας καὶ διναν τὴν θυγατέρα αὐτοῦ πᾶσαι αἱ ψυχαὶ υἱοὶ καὶ θυγατέρες τριάκοντα τρεῖς
- 16 Men non pitit gason Gad yo: Zifjon, Agi, Chouni, Ezbon, Eri, Awodi ak Areyèli.
And the sons of Gad: Ziphion and Haggi, Shuni and Ezbon, Eri and Arodi and Arel;
υἱοὶ δὲ γαδ σαφων καὶ αγγις καὶ σαυνις καὶ θασοβαν καὶ σηδις καὶ αροηδις καὶ αροηλις
- 17 Men non pitit gason Asè yo: Jimna, Jichva, Jichvi epi Beria. Yo te gen yon sè ki te rele Serak. Beria te gen de pitit gason: Ebè ak Malkyèl.
And the sons of Asher: Jimnah and Ishvah and Ishvi and Beriah, and Sarah, their sister; and the sons of Beriah: Heber and Malchiel.
υἱοὶ δὲ ἀσηρ ἰεμνα καὶ ἰεσουα καὶ ἰεουλ καὶ βαρια καὶ σαρα ἀδελφὴ αὐτῶν υἱοὶ δὲ βαρια χοβορ καὶ μελχιηλ
- 18 Se pitit gason sa yo Zilpa te fè pou Jakòb. Zilpa sa a, se te sèvant Laban te bay Leya, pitit fi li a. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou sèz moun.
These are the children of Zilpah, whom Laban gave to his daughter Leah, and Jacob had these sixteen children by her.
οὗτοι υἱοὶ ζελφας ἦν ἔδωκεν λαβαν λεια τῇ θυγατρὶ αὐτοῦ ἣ ἔτεκεν τούτους τῷ ἰακώβ δέκα ἕξ ψυχάς
- 19 Men non pitit gason Rachèl, madan Jakòb: Jozèf ak Benjamen.
The sons of Jacob's wife Rachel: Joseph and Benjamin.
υἱοὶ δὲ ραχηλ γυναικὸς ἰακώβ ἰωσηφ καὶ βενιαμιν
- 20 Pandan Jozèf te nan peyi Lejip, Asnat, pitit fi Potifera, prèt lavil On an, te fè Manase ak Efrayim pou li.
And Joseph had Manasseh and Ephraim in the land of Egypt, by Asenath, the daughter of Poti-phera, priest of On.
ἐγένοντο δὲ υἱοὶ ἰωσηφ ἐν γῆ αἰγύπτω οὗς ἔτεκεν αὐτῷ ἀσενεθ θυγάτηρ πετεφρη ἱερέως ἡλίου πόλεως τὸν μανασση καὶ τὸν εφραιμ ἐγένοντο δὲ υἱοὶ μανασση οὗς ἔτεκεν αὐτῷ ἣ παλλακὴ ἣ σύρα τὸν μαχιρ μαχιρ δὲ ἐγέννησεν τὸν γαλααδ υἱοὶ δὲ εφραιμ ἀδελφοῦ μανασση σουταλααμ καὶ τααμ υἱοὶ δὲ σουταλααμ εδεμ
- 21 Men non pitit Benjamen yo: Bela, Bekè, Achbèl, Gera, Naaman, Ei, Wòch, Moupen, Oupim epi Ad.
And the sons of Benjamin were Belah and Becher and Ashbel, Gera and Naaman, Ehi and Rosh, Mupim and Hupim and Ard.
υἱοὶ δὲ βενιαμιν βαλα καὶ χοβορ καὶ ασβηλ ἐγένοντο δὲ υἱοὶ βαλα γηρα καὶ νοεμαν καὶ αγγις καὶ ρως καὶ μαμφιν καὶ οφιμιν γηρα δὲ ἐγέννησεν τὸν αραδ

- 22 Se pitit gason sa yo Rachèl te fè pou Jakòb. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou katòz moun.
All these were the children of Rachel whom Jacob had by her, fourteen persons.
οὗτοι υἱοὶ ραχηλ οὗς ἔτεκεν τῷ ἰακωβ πάσαι ψυχαὶ δέκα ὀκτώ
- 23 Men non pitit gason Dann lan: Ouchim.
And the son of Dan was Hushim.
υἱοὶ δὲ δαν ασομ
- 24 Men non pitit gason Neftali yo: Jazeyèl, Gouni, Jezè epi Chilèm.
And the sons of Naphtali: Jahzeel and Guni and Jezer and Shillem.
καὶ υἱοὶ νεφθαλι ασηλ καὶ γουνι καὶ ἰσσααρ καὶ συλλημ
- 25 Se pitit gason sa yo Bila te fè pou Jakòb. Bila sa a, se te sèvant Laban te bay Rachèl, pitit fi li a. Avèk pitit pitit yo, sa te fè antou sèt moun.
These were the children of Bilhah, whom Laban gave to his daughter Rachel, seven persons.
οὗτοι υἱοὶ βαλλας ἦν ἔδωκεν λαβαν ραχηλ τῇ θυγατρὶ αὐτοῦ ἣ ἔτεκεν τούτους τῷ ἰακωβ πάσαι ψυχαὶ ἑπτά
- 26 Antou sa te fè swasansis moun, pitit ak pitit pitit ki te desann nan peyi Lejip ansanm ak Jakòb, san konte madanm pitit li yo.
All the persons who came with Jacob into Egypt, the offspring of his body, were sixty-six, without taking into account the wives of Jacob's sons.
πάσαι δὲ ψυχαὶ αἱ εἰσελθοῦσαι μετὰ ἰακωβ εἰς αἴγυπτον οἱ ἐξελθόντες ἐκ τῶν μηρῶν αὐτοῦ χωρὶς τῶν γυναικῶν υἱῶν ἰακωβ πάσαι ψυχαὶ ἐξήκοντα ἕξ
- 27 Avèk Jozèf ki te gen tan fè de pitit nan peyi Lejip, sa te fè antou swasanndis moun laras Jakòb ki te vin nan peyi Lejip.
And the sons of Joseph whom he had in Egypt were two. Seventy persons of the family of Jacob came into Egypt.
υἱοὶ δὲ ἰωσηφ οἱ γενόμενοι αὐτῷ ἐν γῆ αἰγύπτω ψυχαὶ ἑννέα πάσαι ψυχαὶ οἴκου ἰακωβ αἱ εἰσελθοῦσαι εἰς αἴγυπτον ἑβδομήκοντα πέντε
- 28 ¶ Izrayèl te voye Jida devan al mande Jozèf pou l' vin jwenn li Gochenn.
Now he had sent Judah before him to Goshen, to get word from Joseph; and so they came to the land of Goshen.
τὸν δὲ ἰουδαν ἀπέστειλεν ἔμπροσθεν αὐτοῦ πρὸς ἰωσηφ συναντήσαι αὐτῷ καθ' ἡρώων πόλιν εἰς γῆν ραμεσση
- 29 Jozèf fè pare cha li a, li moute, li al Gochenn, li al kontre papa l'. Rive Jozèf rive devan papa l', li lage kò l' nan bra l', li pase yon bon tan ap kriye sou zepòl li.
And Joseph got his carriage ready and went to Goshen for the meeting with his father; and when he came before him, he put his arms round his neck, weeping.
ζεύξας δὲ ἰωσηφ τὰ ἄρματα αὐτοῦ ἀνέβη εἰς συνάντησιν ἰσραηλ τῷ πατρὶ αὐτοῦ καθ' ἡρώων πόλιν καὶ ὀφθεις αὐτῷ ἐπέπεσεν ἐπὶ τὸν τράχηλον αὐτοῦ καὶ ἔκλαυσεν κλαυθμῷ πλείονι
- 30 Izrayèl di Jozèf konsa: -Koulye a, mwen wè figi ou, mwen konnen ou vivan toujou, mwen mèt mourì.
And Israel said to Joseph, Now that I have seen you living again, I am ready for death.
καὶ εἶπεν ἰσραηλ πρὸς ἰωσηφ ἀποθανοῦμαι ἀπὸ τοῦ νῦν ἐπεὶ ἐώρακα τὸ πρόσωπόν σου ἔτι γὰρ σὺ ζῆς
- 31 Epi Jozèf di frè l' yo ak tout fanmi papa l' yo: -Mwen pral avèti wa a. Mwen pral di l': men frè m' yo ak tout fanmi papa m' yo ki t'ap viv nan peyi Kanaran vin jwenn mwen isit la.
And Joseph said to his brothers and to his father's people, I will go and give the news to Pharaoh, and say to him, My brothers and my father's people, from the land of Canaan, have come to me;
εἶπεν δὲ ἰωσηφ πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ ἀναβὰς ἀπαγγεῶ τῷ φαραω καὶ ἔρω αὐτῷ οἱ ἀδελφοί μου καὶ ὁ οἶκος τοῦ πατρός μου οἱ ἦσαν ἐν γῆ χαναν ἦκασιν πρὸς με
- 32 Se gadò mouton yo ye. Se bèt yo konn gade. Yo mennen tout mouton yo ak tout bèf yo ansanm ak tout sa yo genyen.
And these men are keepers of sheep and owners of cattle, and have with them their flocks and their herds and all they have.
οἱ δὲ ἄνδρες εἰσιν ποιμένες ἄνδρες γὰρ κτηνοτρόφοι ἦσαν καὶ τὰ κτήνη καὶ τοὺς βόας καὶ πάντα τὰ αὐτῶν ἀγειόχασιν
- 33 Lè farawon an va rele nou pou mande nou ki metye nou,
Now when Pharaoh sends for you and says, What is your business?
ἐὰν οὖν καλέσῃ ὑμᾶς φαραω καὶ εἴπῃ ὑμῖν τί τὸ ἔργον ὑμῶν ἐστίν
- 34 n'a reponn li: Monwa, depi nou tout piti jouk koulye a, se bèt n'ap gade, tankou tout zansèt nou yo. Konsa, nou ka rete nan peyi Gochenn lan. Li te di yo sa paske moun peyi Lejip yo pa ka sipòte wè moun k'ap gade bèt viv nan mitan yo.
You are to say, Your servants have been keepers of cattle from our early days up to now, like our fathers; in this way you will be able to have the land of Goshen for yourselves; because keepers of sheep are unclean in the eyes of the Egyptians.
εἰρεῖτε ἄνδρες κτηνοτρόφοι ἐσμὲν οἱ παῖδές σου ἐκ παιδός ἕως τοῦ νῦν καὶ ἡμεῖς καὶ οἱ πατέρες ἡμῶν ἵνα κατοικήσῃτε ἐν γῆ γεσεμ ἀραβία βδέλυγμα γὰρ ἐστὶν αἰγυπτίοις πᾶς ποιμὴν προβάτων

- 1 ¶ Apre sa, Jozèf al avèti farawon an li di l': -Men papa m' ak frè m' yo rive soti nan peyi Kanaran, yo vini ak mouton yo, bèf yo ak tout sa yo genyen. Koulye a menm yo Gochenn. Then Joseph went to Pharaoh, and said, My father and my brothers with their flocks and their herds and all they have, are come from Canaan, and are now in the land of Goshen. ἔλθων δὲ ἰωσήφ ἀπήγγειλεν τῷ φαραῶ λέγων ὁ πατήρ μου καὶ οἱ ἀδελφοί μου καὶ τὰ κτήνη καὶ οἱ βόες αὐτῶν καὶ πάντα τὰ αὐτῶν ἦλθον ἐκ γῆς χανααν καὶ ἰδοὺ εἰσὶν ἐν γῆ γεσεμ
- 2 Jozèf te pran senk nan frè l' yo avèk li, li prezante yo bay farawon an. And he took five of his brothers to Pharaoh. ἀπὸ δὲ τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ παρέλαβεν πέντε ἄνδρας καὶ ἔστησεν αὐτοὺς ἐναντίον φαραῶ
- 3 Farawon an di yo konsa: -Ki metye nou? Yo reponn li: -Metye nou se gade bèt tankou zansèt nou yo. And Pharaoh said to them, What is your business? And they said, Your servants are keepers of sheep, as our fathers were before us. καὶ εἶπεν φαραῶ τοῖς ἀδελφοῖς ἰωσήφ τί τὸ ἔργον ὑμῶν οἱ δὲ εἶπαν τῷ φαραῶ ποιμένες προβάτων οἱ παῖδές σου καὶ ἡμεῖς καὶ οἱ πατέρες ἡμῶν
- 4 Apre sa, yo di farawon an: -Nou vin pou nou ka rete nan peyi a, paske pa gen manje ankò nan peyi nou pou bèt yo manje. Lèfini, grangou a rèd anpil nan peyi Kanaran. Tanpri, ban nou pèmisyon pou nou rete nan peyi Gochenn lan. And they said to Pharaoh, We have come to make a living in this land, because we have no grass for our flocks in the land of Canaan; so now let your servants make a place for themselves in the land of Goshen. εἶπαν δὲ τῷ φαραῶ παροικεῖν ἐν τῇ γῆ ἥκαμεν οὐ γάρ ἐστιν νομὴ τοῖς κτήνεσιν τῶν παίδων σου ἐνὶ σὺσεν γὰρ ὁ λιμὸς ἐν γῆ χανααν νῦν οὖν κατοικήσομεν οἱ παῖδές σου ἐν γῆ γεσεμ
- 5 Farawon an di Jozèf: -Men papa ou ak frè ou yo vin jwenn ou isit la. And Pharaoh said to Joseph, Let them have the land of Goshen; and if there are any able men among them, put them over my cattle. εἶπεν δὲ φαραῶ τῷ ἰωσήφ κατοικεῖτωσαν ἐν γῆ γεσεμ εἰ δὲ ἐπίστη ὅτι εἰσὶν ἐν αὐτοῖς ἄνδρες δυνατοὶ κατάστησον αὐτοὺς ἄρχοντας τῶν ἐμῶν κτηνῶν ἦλθον δὲ εἰς αἴγυπτον πρὸς ἰωσήφ ἰακωβ καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ καὶ ἤκουσεν φαραῶ βασιλεὺς αἰγύπτου καὶ εἶπεν φαραῶ πρὸς ἰωσήφ λέγων ὁ πατήρ σου καὶ οἱ ἀδελφοί σου ἦκασιν πρὸς σέ
- 6 tout peyi Lejip la la devan ou. Chwazi pi bon tè nan peyi a, ba yo l' pou rete. Yo mèt rete sou tè Gochenn lan. Epi, si ou konnen gen nan mitan yo moun ki kapab pran swen bèt pa m' yo, ou mèt ba yo bèt mwen yo gade. And Jacob and his sons came to Joseph in Egypt, and when word of it came to the ears of Pharaoh, king of Egypt, he said to Joseph, Your father and brothers have come to you; all the land of Egypt is before you; let your father and your brothers have the best of the land for their resting-place. ἰδοὺ ἡ γῆ αἰγύπτου ἐναντίον σου ἐστὶν ἐν τῇ βελτίστη γῆ κατοικήσων τὸν πατέρα σου καὶ τοὺς ἀδελφούς σου
- 7 Apre sa, Jozèf fè papa l' vini, li prezante l' bay farawon an. Lè Jakòb fin di farawon an bonjou, Then Joseph made his father Jacob come before Pharaoh, and Jacob gave him his blessing. εἰσήγαγεν δὲ ἰωσήφ ἰακωβ τὸν πατέρα αὐτοῦ καὶ ἔστησεν αὐτὸν ἐναντίον φαραῶ καὶ εὐλόγησεν ἰακωβ τὸν φαραῶ
- 8 farawon an mande l': -Ki laj ou? And Pharaoh said to him, How old are you? εἶπεν δὲ φαραῶ τῷ ἰακωβ πόσα ἔτη ἡμερῶν τῆς ζωῆς σου
- 9 Jakòb reponn li: -Mwen gen santrantan (130 an) depi m'ap moute desann sou latè. Men, mwen poko prèt pou m' rive laj zansèt mwen yo te rive lè yo t'ap fè moute desann pa yo. Mwen pa gen anpil laj, se vre. Men, mwen pa manke bat mizè. And Jacob said, The years of my wanderings have been a hundred and thirty; small in number and full of sorrow have been the years of my life, and less than the years of the wanderings of my fathers. καὶ εἶπεν ἰακωβ τῷ φαραῶ αἱ ἡμέραι τῶν ἐτῶν τῆς ζωῆς μου ὡς παροικῶ ἑκατὸν τριάκοντα ἔτη μικραὶ καὶ πονηραὶ γεγόνασιν αἱ ἡμέραι τῶν ἐτῶν τῆς ζωῆς μου οὐκ ἀφίκοντο εἰς τὰς ἡμέρας τῶν ἐτῶν τῆς ζωῆς τῶν πατέρων μου ὡς ἡμέρας παρῴκησαν
- 10 Jakòb di farawon an orenwa, epi li ale. And Jacob gave Pharaoh his blessing, and went out from before him. καὶ εὐλογήσας ἰακωβ τὸν φαραῶ ἐξῆλθεν ἀπ' αὐτοῦ
- 11 Jozèf fè papa l' ak frè l' yo rete nan peyi Lejip. Li ba yo tè bò lavil Ranmsès, jan farawon an te mande l' la. Li ba yo yon bon tè nan peyi a. And Joseph made a place for his father and his brothers, and gave them a heritage in the land of Egypt, in the best of the land, the land of Rameses, as Pharaoh had given orders. καὶ κατέκτισεν ἰωσήφ τὸν πατέρα καὶ τοὺς ἀδελφούς αὐτοῦ καὶ ἔδωκεν αὐτοῖς κατάσχεσιν ἐν γῆ αἰγύπτου ἐν τῇ βελτίστη γῆ ἐν γῆ ραμεσση καθὰ προσέταξεν φαραῶ
- 12 Jozèf te bay papa l', frè l' yo ak tout fanmi yo kantite manje yo te bezwen pou mezi timoun yo te genyen. And Joseph took care of his father and his brothers and all his father's people, giving them food for the needs of their families. καὶ ἐσιτομέτρει ἰωσήφ τῷ πατρὶ καὶ τοῖς ἀδελφοῖς αὐτοῦ καὶ παντὶ τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ σίτον κατὰ σῶμα

- 13 ¶ Grangou a te rèd anpil toupatou. pa t' gen manje ankò. Moun peyi Lejip ak moun peyi Kanaran yo t'ap fin deperi anba grangou a.
Now there was no food to be had in all the land, so that all Egypt and Canaan were wasted from need of food.
σίτος δὲ οὐκ ἦν ἐν πάσῃ τῇ γῆ ἐνίσχυσεν γὰρ ὁ λιμὸς σφόδρα ἐξέλιπεν δὲ ἡ γῆ αἰγύπτου καὶ ἡ γῆ χανααν ἀπὸ τοῦ λιμοῦ
- 14 Jozèf te fin ranmase dènye lajan moun peyi Lejip ak moun peyi Kanaran te genyen nan vann yo ble. Li pote tout lajan an lakay farawon an.
And all the money in Egypt and in the land of Canaan which had been given for grain, came into the hands of Joseph: and he put it in Pharaoh's house.
συνήγαγεν δὲ ἰωσήφ πᾶν τὸ ἀργύριον τὸ εὔρεθὲν ἐν γῆ αἰγύπτου καὶ ἐν γῆ χανααν τοῦ σίτου ὃ ἠγόραζον καὶ ἐσιτομέτρει αὐτοῖς καὶ εἰσήνεγκεν ἰωσήφ πᾶν τὸ ἀργύριον εἰς τὸν οἶκον φαραῶ
- 15 Lè tout lajan moun yo fini nan peyi Lejip ak nan peyi Kanaran, tout moun peyi Lejip yo vin jwenn Jozèf, yo di l': -Ban nou manje non, souple. Pa kite nou mourì. Fè kichòy pou nou, nou pa gen lajan ankò.
And when all the money in Egypt and Canaan was gone, the Egyptians came to Joseph, and said, Give us bread; would you have us come to destruction before your eyes? for we have no more money.
καὶ ἐξέλιπεν πᾶν τὸ ἀργύριον ἐκ γῆς αἰγύπτου καὶ ἐκ γῆς χανααν ἦλθον δὲ πάντες οἱ αἰγύπτιοι πρὸς ἰωσήφ λέγοντες δὸς ἡμῖν ἄρτους καὶ ἵνα τί ἀποθνήσκομεν ἐναντίον σου ἐκλέλοιπεν γὰρ τὸ ἀργύριον ἡμῶν
- 16 Jozèf di yo: -Si nou pa gen lajan, mennen bèt nou yo vini, n'a boukante yo pou manje.
And Joseph said, Give me your cattle; I will give you grain in exchange for your cattle if your money is all gone.
εἶπεν δὲ αὐτοῖς ἰωσήφ φέρετε τὰ κτήνη ὑμῶν καὶ δώσω ὑμῖν ἄρτους ἀντὶ τῶν κτηνῶν ὑμῶν εἰ ἐκλέλοιπεν τὸ ἀργύριον
- 17 Se konsa, yo mennen bèt yo bay Jozèf pou fè boukantay. Li ba yo manje, yo ba li chwal, bèf, mouton, bourik. Pandan tout lanne a, li boukante manje ak yo pou valè bèt yo te genyen.
So they took their cattle to Joseph and he gave them bread in exchange for their horses and flocks and herds and asses, so all that year he gave them food in exchange for their cattle.
ἤγαγον δὲ τὰ κτήνη πρὸς ἰωσήφ καὶ ἔδωκεν αὐτοῖς ἰωσήφ ἄρτους ἀντὶ τῶν ἵππων καὶ ἀντὶ τῶν προβάτων καὶ ἀντὶ τῶν βοῶν καὶ ἀντὶ τῶν ὄνων καὶ ἐξέθρεψεν αὐτοὺς ἐν ἄρτοις ἀντὶ πάντων τῶν κτηνῶν αὐτῶν ἐν τῷ ἐνιαυτῷ ἐκείνῳ
- 18 Apre lanne a fin pase, yo tounen bò kote Jozèf ankò. Yo di li: -Nou p'ap kapab kache ou sa, mèt. Lajan nou fini nèt. Nou deja ba ou tout bèt nou te genyen. Koulye a, mèt, se tè nou yo ak pwòp tèt nou ase ki rete pou n' ba ou.
And when that year was ended, they came to him in the second year, and said, We may not keep it from our lord's knowledge that all our money is gone, and all the herds of cattle are my lord's; there is nothing more to give my lord but our bodies and our land;
ἐξῆλθεν δὲ τὸ ἔτος ἐκεῖνο καὶ ἦλθον πρὸς αὐτὸν ἐν τῷ ἔτει τῷ δευτέρῳ καὶ εἶπαν αὐτῷ μήποτε ἐκτριβώμεν ἀπὸ τοῦ κυρίου ἡμῶν εἰ γὰρ ἐκλέλοιπεν τὸ ἀργύριον καὶ τὰ ὑπάρχοντα καὶ τὰ κτήνη πρὸς σὺν τὸν κύριον καὶ οὐχ ὑπολείπεται ἡμῖν ἐναντίον τοῦ κυρίου ἡμῶν ἀλλ' ἡ τὸ ἴδιον σῶμα καὶ ἡ γῆ ἡμῶν
- 19 Pa kite nou mourì. Fè kichòy pou nou! Pa kite nou pèdi tè nou yo. Fè pri pou nou menm ansanm ak tout tè nou yo. N'ap tounen esklav farawon an. Tè nou yo va pou li tou. Men, ban nou plan pou nou simen nan jaden nou yo pou nou pa mourì, pou tè a pa fin tounen savann.
Are we to come to destruction before your eyes, we and our land? take us and our land? give us bread; and we and our land will be servants to Pharaoh; and give us seed so that we may have life and the land may not become waste.
ἵνα οὖν μὴ ἀποθάνωμεν ἐναντίον σου καὶ ἡ γῆ ἐρημοθῆ κτήσῃ ἡμᾶς καὶ τὴν γῆν ἡμῶν ἀντὶ ἄρτων καὶ ἐσόμεθα ἡμεῖς καὶ ἡ γῆ ἡμῶν παῖδες φαραῶ δὸς σπέρμα ἵνα σπειρώμεν καὶ ζῶμεν καὶ μὴ ἀποθάνομεν καὶ ἡ γῆ οὐκ ἐρημοθήσεται
- 20 Se konsa Jozèf achte tout tè Lejip la pou farawon an. tout moun peyi Lejip yo te vann li tè yo paske grangou a t'ap fini ak yo. tout peyi a vini pou farawon an.
So Joseph got all the land in Egypt for Pharaoh; for every Egyptian gave up his land in exchange for food, because of their great need; so all the land became Pharaoh's.
καὶ ἐκτήσατο ἰωσήφ πᾶσαν τὴν γῆν τῶν αἰγυπτίων τῷ φαραῶ ἀπέδοντο γὰρ οἱ αἰγύπτιοι τὴν γῆν αὐτῶν τῷ φαραῶ ἐπεκράτησεν γὰρ αὐτῶν ὁ λιμὸς καὶ ἐγένετο ἡ γῆ φαραῶ
- 21 Jozèf fè tout moun toupatou nan peyi a tounen esklav farawon an.
And as for the people, he made servants of them, town by town, from one end of Egypt to the other.
καὶ τὸν λαὸν κατεδουλώσατο αὐτῷ εἰς παῖδας ἀπ' ἄκρων ὀρίων αἰγύπτου ἕως τῶν ἄκρων
- 22 Se te prèt yo ase li pa t' manyen. Prèt yo pa t' bezwen tè pou yo manje, paske, dapre yon lwa ki gen nan peyi a, se farawon an menm ki te toujou peye yo. Se ak lajan sa a yo te viv.
Only he did not take the land of the priests, for the priests had their food given them by Pharaoh, and having what Pharaoh gave them, they had no need to give up their land.
χωρὶς τῆς γῆς τῶν ἱερέων μόνον οὐκ ἐκτήσατο ταύτην ἰωσήφ ἐν δόσει γὰρ ἔδωκεν δόμα τοῖς ἱερεῦσιν φαραῶ καὶ ἤσθιον τὴν δόσιν ἣν ἔδωκεν αὐτοῖς φαραῶ διὰ τοῦτο οὐκ ἀπέδοντο τὴν γῆν αὐτῶν
- 23 Jozèf di pèp la: -Jòdi a, mwen achte nou ansanm ak tout tè nou yo pou farawon an. Men grenn m'ap ban nou pou nou plante nan jaden nou yo.
Then Joseph said to the people, I have made you and your land this day the property of Pharaoh; here is seed for you to put in your fields.
εἶπεν δὲ ἰωσήφ πᾶσι τοῖς αἰγυπτίοις ἰδοὺ κέκτημαι ὑμᾶς καὶ τὴν γῆν ὑμῶν σήμερον τῷ φαραῶ λάβετε ἑαυτοῖς σπέρμα καὶ σπείρατε τὴν γῆν

- 24 Lè sezon rekòt la va rive, n'a bay farawon an yon senkyèm (1/5) nan tou sa nou rekòlte. Rèl la va pou nou, pou nou plante nan jaden nou yo, pou nou manje nou menm ansanm ak pitit nou yo ak tout moun ki lakay nou.
And when the grain is cut, you are to give a fifth part to Pharaoh, and four parts will be yours for seed and food, and for your families and your little ones.
καὶ ἔσται τὰ γενήματα αὐτῆς δώσετε τὸ πέμπτον μέρος τῷ φαραῶ τὰ δὲ τέσσαρα μέρη ἔσται ὑμῖν αὐτοῖς εἰς σπέρμα τῆ γῆ καὶ εἰς βρώσιν ὑμῖν καὶ πᾶσιν τοῖς ἐν τοῖς οἴκοις ὑμῶν
- 25 Yo reponn li: -Ou sove lavi nou! Sèl sa nou mande ou, se pou ou aji byen ak nou. N'ap rete esklav farawon an.
And they said to him, Truly you have kept us from death; may we have grace in your eyes, and we will be Pharaoh's servants.
καὶ εἶπαν σέσωκας ἡμᾶς εὐρομεν χάριν ἐναντίον τοῦ κυρίου ἡμῶν καὶ ἐσόμεθα παῖδες φαραῶ
- 26 Se konsa, Jozèf te pase yon regleman pou tout peyi Lejip la: dapre regleman sa a ki la jouk koulye a toujou, se pou yo bay farawon an yon senkyèm sou chak rekòt. Se sèlman tè prèt yo ki pa t' pou farawon an.
Then Joseph made a law which is in force to this day, that Pharaoh was to have the fifth part; only the land of the priests did not become his.
καὶ ἔθετο αὐτοῖς ἰωσήφ εἰς πρόσταγμα ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης ἐπὶ γῆν αἰγύπτου τῷ φαραῶ ἀποπεμπτοῦν χωρὶς τῆς γῆς τῶν ἱερέων μόνον οὐκ ἦν τῷ φαραῶ
- 27 ¶ Moun Izrayèl yo te rete nan peyi Lejip sou tè Gochenn lan. Yo vin gen anpil byen. Yo te fè anpil anpil pitit. Yo t'ap fè toujou.
And so Israel was living among the Egyptians in the land of Goshen; and they got property there, and became very great in numbers and in wealth.
κατόκησεν δὲ ἰσραὴλ ἐν γῆ αἰγύπτῳ ἐπὶ τῆς γῆς γεσεμ καὶ ἐκληρονόμησεν ἐπ' αὐτῆς καὶ ἠύξθησεν καὶ ἐπληθύνθησεν σφόδρα
- 28 Jakòb pase disèt lanne nan peyi Lejip. Li te rive gen sankaransèt (147) lanne sou tèt li.
And Jacob was living in the land of Goshen for seventeen years; so the years of his life were a hundred and forty-seven.
ἐπέζησεν δὲ ἰακώβ ἐν γῆ αἰγύπτῳ δέκα ἑπτὰ ἔτη ἐγένοντο δὲ αἱ ἡμέραι ἰακώβ ἐνιαυτῶν τῆς ζωῆς αὐτοῦ ἑκατὸν τεσσαράκοντα ἑπτὰ ἔτη
- 29 Lè sa a, Izrayèl vin wè li pa t' gen lontan pou l' viv ankò. Li fè rele Jozèf, pitit li a, li di l' konsa: -Si ou renmen m' vre, tanpri, fè m' sèman. Mete men ou nan fant janm mwen, pwomèt mwen w'ap kenbe pawòl ou, ou p'ap janm trayi m'. Tanpri, pa antere m' nan peyi Lejip.
And the time of his death came near, and he sent for his son Joseph and said to him, If now I am dear to you, put your hand under my leg and take an oath that you will not put me to rest in Egypt;
ἤγγισαν δὲ αἱ ἡμέραι ἰσραὴλ τοῦ ἀποθανεῖν καὶ ἐκάλεσεν τὸν υἱὸν αὐτοῦ ἰωσήφ καὶ εἶπεν αὐτῷ εἰ εὕρηκα χάριν ἐναντίον σου ὑπόθεες τὴν χειρὰ σου ὑπὸ τὸν μηρόν μου καὶ ποιήσεις ἐπ' ἐμὲ ἐλεημοσύνην καὶ ἀλήθειαν τοῦ μή με θάψαι ἐν αἰγύπτῳ
- 30 Mwen vle pou yo antere m' menm kote ak zansèt mwen yo, lè m' aval jwenn fanmi mwen yo ki mouri deja a. Se pou ou pran kadav mwen, pote l' sot peyi Lejip, al antere l' nan kavo fanmi m' yo. Jozèf reponn li: -m'a fè jan ou mande m' lan.
But when I go to my fathers, you are to take me out of Egypt and put me to rest in their last resting-place. And he said, I will do so.
ἀλλὰ κοιμηθήσομαι μετὰ τῶν πατέρων μου καὶ ἀρεῖς με ἐξ αἰγύπτου καὶ θάψεις με ἐν τῷ τάφῳ αὐτῶν ὃ δὲ εἶπεν ἐγὼ ποιήσω κατὰ τὸ ῥήμά σου
- 31 Men, Jakòb di Jozèf konsa: -Fè m' sèman w'ap fè sa pou mwen! Jozèf sèman ba li. Apre sa, Izrayèl bese kouche nan kabann li.
And he said, Take an oath to me; and he took an oath to him: and Israel gave worship on the bed's head.
εἶπεν δὲ ὁμοσόν μοι καὶ ὤμοσεν αὐτῷ καὶ προσεκύνησεν ἰσραὴλ ἐπὶ τὸ ἄκρον τῆς ῥάβδου αὐτοῦ
- 1 ¶ Kèk tan apre sa, yo vin fè Jozèf konnen papa l' malad. Jozèf pran Manase ak Efrayim, de pitit gason l' yo, ak li, li ale wè Jakòb.
Now after these things, word came to Joseph that his father was ill: and he took with him his sons Manasseh and Ephraim.
ἐγένετο δὲ μετὰ τὰ ῥήματα ταῦτα καὶ ἀπηγγέλη τῷ ἰωσήφ ὅτι ὁ πατήρ σου ἐνοχλεῖται καὶ ἀναλαβὼν τοὺς δύο υἱοὺς αὐτοῦ τὸν μανασση καὶ τὸν εφραϊμ ἦλθεν πρὸς ἰακώβ
- 2 Yo vin di Jakòb: -Men Jozèf, pitit ou, vin wè ou. Izrayèl ranmase dènye ti rèl fòs li te genyen an, li leve chita sou kabann lan.
And when they said to Jacob, Your son Joseph is coming to see you: then Israel, getting all his strength together, had himself lifted up in his bed.
ἀπηγγέλη δὲ τῷ ἰακώβ λέγοντες ἰδοὺ ὁ υἱός σου ἰωσήφ ἔρχεται πρὸς σέ καὶ ἐνισχύσας ἰσραὴλ ἐκάθισεν ἐπὶ τὴν κλίνην
- 3 Jakòb di Jozèf: -Bondye ki gen tout pouvwa a te parèt devan mwen yon kote yo rele Louz, nan peyi Kanaran. Li beni m'.
And Jacob said to Joseph, God, the Ruler of all, came to me in a vision at Luz in the land of Canaan, and gave me his blessing,
καὶ εἶπεν ἰακώβ τῷ ἰωσήφ ὁ θεός μου ὤφθη μοι ἐν λουζα ἐν γῆ χανααν καὶ εὐλόγησέν με
- 4 Li di m' konsa: M'ap ba ou anpil pitit ak pitit pitit. M'ap fè yo tounen anpil nasyon. Ou wè tè sa a? M'ap bay pitit pitit ou yo li pou li rele yo pa yo pou tout tan.
And said to me, Truly, I will make you fertile and give you increase and will make of you a great family of nations: and I will give this land to your seed after you to be their heritage for ever.
καὶ εἶπέν μοι ἰδοὺ ἐγὼ αὐξάνω σε καὶ πληθυνῶ σε καὶ ποιήσω σε εἰς συναγωγὰς ἔθνων καὶ δώσω σοι τὴν γῆν ταύτην καὶ τῷ σπέρματί σου μετὰ σέ εἰς κατάσχεσιν αἰώνιον
- 5 Bon. De pitit gason ou te fè nan peyi Lejip anvan m' te vin jwenn ou isit la a, se pitit mwen yo pral ye. Wi, Efrayim ak Manase ap pou mwen tankou Woubenn ak Simeyon.
And now your two sons who came to birth in Egypt before I came to you here, are mine; Ephraim and Manasseh will be mine, in the same way as Reuben and Simeon are.
νῦν οὖν οἱ δύο υἱοὶ σου οἱ γενόμενοί σοι ἐν αἰγύπτῳ πρὸ τοῦ με εἰσεῖν πρὸς σέ εἰς αἰγύπτου ἐμοὶ εἰσιν εφραϊμ καὶ μανασση ὡς ρουβην καὶ σιμεων ἔσσονται μοι

- 6 Men, tout pitit ou va fè apre yo, se pitit ou y'ap ye. Y'a pote non gran frè yo pou yo ka jwenn pa yo nan byen m' yo.
And any other offspring which you have after them, will be yours, and will be named after their brothers in their heritage.
 τὰ δὲ ἔκγονα ἃ ἐὼν γεννήσεως μετὰ ταῦτα σοὶ ἔσονται ἐπὶ τῷ ὀνόματι τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν κληθήσονται ἐν τοῖς ἐκείνων κλήροις
- 7 Lè m' t'ap tounen sotì nan peyi Mezopotami an, Rachèl, manman ou, te mouri nan men mwen. Li mouri sou wout pou ale peyi Kanaran, pa twò lwen lavil Efrata. Mwen antere l' la sou wout Efrata a. Se Efrata sa a yo rele Betleyèm lan tou.
And as for me, when I came from Paddan, death overtook Rachel on the way, when we were still some distance from Ephrath; and I put her to rest there on the road to Ephrath, which is Beth-lehem.
 ἐγὼ δὲ ἤνικα ἠρχόμην ἐκ μεσοποταμίας τῆς συρίας ἀπέθανεν ραχὴλ ἡ μήτηρ σου ἐν γῆ χανααν ἐγγίζοντός μου κατὰ τὸν ἰππόδρομον χαβραθα τῆς γῆς τοῦ ἔλθειν εφραθα καὶ κατώρυζα αὐτὴν ἐν τῇ ὁδῷ τοῦ ἰπποδρόμου αὕτη ἐστὶν βαιθλεεμ
- 8 ¶ Lè Izrayèl wè pitit Jozèf yo, li mande: -Ki timoun sa yo?
Then Israel, looking at Joseph's sons, said, Who are these?
 ἰδὼν δὲ ἰσραὴλ τοὺς υἱοὺς ἰωσηφ εἶπεν τίνες σοὶ οὗτοι
- 9 Jozèf reponn li: -Se pitit gason Bondye te ban mwen antan mwen isit la wi. Izrayèl di li: -Tanpri, fè yo pwoche pi pre m' pou m' ka beni yo.
And Joseph said to his father, They are my sons, whom God has given me in this land. And he said, Let them come near me, and I will give them a blessing.
 εἶπεν δὲ ἰωσηφ τῷ πατρὶ αὐτοῦ υἱοὶ μου εἰσὶν οὓς ἔδωκέν μοι ὁ θεὸς ἐνταῦθα καὶ εἶπεν ἰακωβ προσάγαγέ μοι αὐτούς ἵνα εὐλογήσω αὐτούς
- 10 Izrayèl te fin granmoun, je l' pa t' bon menm. Li pa t' kapab wè ankò. Jozèf fè pitit li yo pwoche bò kote papa l'. Jakòb pran yo, li bo yo, li pase bra l' nan kou yo.
Now because Israel was old, his eyes were no longer clear, and he was not able to see. So he made them come near to him, and he gave them a kiss, folding them in his arms.
 οἱ δὲ ὀφθαλμοὶ ἰσραὴλ ἐβρωώπησαν ἀπὸ τοῦ γήρους καὶ οὐκ ἠδύνατο βλέπειν καὶ ἤγγισεν αὐτούς πρὸς αὐτόν καὶ ἐφίλησεν αὐτούς καὶ περιέλαβεν αὐτούς
- 11 Izrayèl di Jozèf konsa: -Mwen pa t' gen espwa wè figi ou ankò, men Bondye fè m' wè ata pitit ou yo.
And Israel said to Joseph, I had no hope of seeing your face again, but God in his mercy has let me see you and your children.
 καὶ εἶπεν ἰσραὴλ πρὸς ἰωσηφ ἰδοὺ τοῦ προσώπου σου οὐκ ἔστερήθην καὶ ἰδοὺ ἔδειξέν μοι ὁ θεὸς καὶ τὸ σπέρμα σου
- 12 Jozèf wete timoun yo sou jenou Izrayèl, epi li bese tèt li jouk atè devan papa l'.
Then Joseph took them from between his knees, and went down on his face to the earth.
 καὶ ἐξήγαγεν ἰωσηφ αὐτούς ἀπὸ τῶν γονάτων αὐτοῦ καὶ προσεκύνησεν αὐτῷ ἐπὶ πρόσωπον ἐπὶ τῆς γῆς
- 13 Li pran timoun yo, Efrayim nan men dwat li ak Manase nan men gòch li. Konsa, Efrayim vin sou bò gòch Izrayèl, Manase menm sou bò dwat li. Li fè yo pwoche vin jwenn papa l'.
Then taking Ephraim with his right hand, Joseph put him at Israel's left side, and with his left hand he put Manasseh at Israel's right side, placing them near him.
 λαβὼν δὲ ἰωσηφ τοὺς δύο υἱοὺς αὐτοῦ τὸν τε εφραϊμ ἐν τῇ δεξιᾷ ἐξ ἄριστερων δὲ ἰσραὴλ τὸν δὲ μανασση ἐν τῇ ἀριστερᾷ ἐκ δεξιῶν δὲ ἰσραὴλ ἤγγισεν αὐτούς αὐτῷ
- 14 Men, Izrayèl kwaze men l' lè l'ap lonje yo, li mete men dwat li sou tèt Efrayim ki te pi piti a, li mete men gòch li sou tèt Manase ki te pi gran an. Izrayèl te konnen sa l' t'ap fè lè l' te fè sa.
And Israel, stretching out his right hand, put it on the head of Ephraim, the younger, and his left hand on the head of Manasseh, crossing his hands on purpose, for Manasseh was the older.
 ἐκτείνας δὲ ἰσραὴλ τὴν χεῖρα τὴν δεξιὰν ἐπέβαλεν ἐπὶ τὴν κεφαλὴν εφραϊμ οὗτος δὲ ἦν ὁ νεώτερος καὶ τὴν ἀριστερὰν ἐπὶ τὴν κεφαλὴν μανασση ἐναλλάξ τὰς χεῖρας
- 15 Li beni Jozèf, li di l': -Se pou Bondye zansèt mwen yo, Bondye Abraram ak Izarak te sèvi tout lavi yo a, beni timoun sa yo. Se pou Bondye ki te pran swen mwen depi lè m' te fèt jouk jòdi a beni timoun yo.
And he gave Joseph a blessing, saying, May the God to whom my fathers, Abraham and Isaac, gave worship, the God who has taken care of me all my life till this day,
 καὶ ἠλόγησεν αὐτούς καὶ εἶπεν ὁ θεὸς ὃ εὐηρέστησαν οἱ πατέρες μου ἐναντίον αὐτοῦ ἀβρααμ καὶ ἰσαακ ὁ θεὸς ὁ τρέφων με ἐκ νεότητος ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 16 Se pou zanj Bondye ki te delivre m' anba tout move pa beni timoun yo. Se pou yo pote non mwen ak non zansèt mwen yo, Abraram ak Izarak. Se pou yo fè anpil pitit pitit, se pou yo peple sou tè a.
The angel who has been my saviour from all evil, send his blessing on these children: and let my name and the name of my fathers, Abraham and Isaac, be given to them; and let them become a great nation in the earth.
 ὁ ἄγγελος ὁ ῥυθόμενός με ἐκ πάντων τῶν κακῶν εὐλογήσῃ τὰ παιδία ταῦτα καὶ ἐπικληθήσεται ἐν αὐτοῖς τὸ ὄνομά μου καὶ τὸ ὄνομα τῶν πατέρων μου ἀβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ πληθυνθεῖσιν εἰς πλῆθος πολὺ ἐπὶ τῆς γῆς
- 17 Men Jozèf pa t' kontan lè li wè papa l' te mete men dwat li sou tèt Efrayim. Li kenbe men papa l' pou l' wete l' sou tèt Efrayim pou l' mete l' pito sou tèt Manase.
Now when Joseph saw that his father had put his right hand on the head of Ephraim, it did not seem right to him; and lifting his father's hand he would have put it on the head of Manasseh.
 ἰδὼν δὲ ἰωσηφ ὅτι ἐπέβαλεν ὁ πατὴρ τὴν δεξιὰν αὐτοῦ ἐπὶ τὴν κεφαλὴν εφραϊμ βαρὺ αὐτῷ κατεφάνη καὶ ἀντελάβετο ἰωσηφ τῆς χειρὸς τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἀφελεῖν αὐτὴν ἀπὸ τῆς κεφαλῆς εφραϊμ ἐπὶ τὴν κεφαλὴν μανασση

- 18 Epi li di papa l': -Se pa konsa, papa. Men pi gran an bò isit. Mete men dwat ou sou tèt li.
And Joseph said to his father, Not so, my father, for this is the older; put your right hand on his head.
 εἶπεν δὲ ἰωσηφ τῷ πατρὶ αὐτοῦ οὐχ οὕτως πᾶτερ οὗτος γὰρ ὁ πρωτότοκος ἐπίθεε τὴν δεξιάν σου ἐπὶ τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ
- 19 Men, papa a derefize. Li di l': -Mwen konnen, pitit mwen, mwen konnen. Manase tout ap vin yon pèp. Li menm tout l'ap grannèg. Men, ti frè l' la pral pi grannèg pase l'. Pitit li yo pral vin anpil nasyon.
But his father would not, saying, I am doing it on purpose, my son; he will certainly become a nation and a great one; but his younger brother will be greater than he, and his seed will become a great family of nations.
 καὶ οὐκ ἠθέλησεν ἀλλὰ εἶπεν οἶδα τέκνον οἶδα καὶ οὗτος ἔσται εἰς λαόν καὶ οὗτος ὑψωθήσεται ἀλλὰ ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ ὁ νεώτερος μείζων αὐτοῦ ἔσται καὶ τὸ σπέρμα αὐτοῦ ἔσται εἰς πλῆθος ἐθνῶν
- 20 Jou sa a, li beni yo, li di: -Nan peyi pitit pitit Izrayèl yo, lè y'ap bay benediksyon, y'a nonmen non nou. y'a mande pou Bondye beni yon moun menm jan li te beni Efrayim ak Manase. Se konsa li te mete Efrayim anvan Manase.
So he gave them his blessing that day, saying, You will be the sign of blessing in Israel, for they will say, May God make you like Ephraim and Manasseh; and he put Ephraim before Manasseh.
 καὶ εὐλόγησεν αὐτοὺς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ λέγων ἐν ἡμῖν εὐλογηθήσεται ἰσραηλ λέγοντες ποιήσαι σε ὁ θεὸς ὡς εφραϊμ καὶ ὡς μανασση καὶ ἔθηκεν τὸν εφραϊμ ἔμπροσθεν τοῦ μανασση
- 21 Apre sa, Izrayèl di Jozèf: -Gade. Mwen pral mouri. Men Bondye ap la avèk ou. La fè ou tounen nan peyi zansèt ou yo.
Then Israel said to Joseph, Now my death is near; but God will be with you, guiding you back to the land of your fathers.
 εἶπεν δὲ ἰσραηλ τῷ ἰωσηφ ἰδοὺ ἐγὼ ἀποθνήσκω καὶ ἔσται ὁ θεὸς μεθ' ὑμῶν καὶ ἀποστρέψει ὑμᾶς εἰς τὴν γῆν τῶν πατέρων ὑμῶν
- 22 Se pa pou lòt moun nan frè ou yo, se pou ou m'ap kite moso tè Sichèm lan. Se pòsyon tè sa a mwen te pran nan men moun Amori yo anba gwo goumen.
And I have given you more than your brothers, even Shechem as your heritage, which I took from the Amorites with my sword and my bow.
 ἐγὼ δὲ δίδωμί σοι σικιμα ἐξαιρέτων ὑπὲρ τοὺς ἀδελφούς σου ἦν ἔλαβον ἐκ χειρὸς ἀμορραίων ἐν μαχαίρᾳ μου καὶ τόξῳ
- 1 ¶ Jakòb fè rele pitit gason l' yo, li di yo: -Sanble non. M'ap fè nou konnen sa ki pral rive nou nan jou k'ap vini yo.
And Jacob sent for his sons, and said, Come together, all of you, so that I may give you news of your fate in future times.
 ἐκάλεσεν δὲ ἰακωβ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ εἶπεν συνάχθητε ἵνα ἀναγγείλω ὑμῖν τί ἀπαντήσῃ ὑμῖν ἐπ' ἐσχάτων τῶν ἡμερῶν
- 2 Sanble, vin koute non, pitit Jakòb yo! vin koute sa Izrayèl, papa nou, pral di nou.
Come near, O sons of Jacob, and give ear to the words of Israel your father.
 ἀθροίσθητε καὶ ἀκούσατε υἱοὶ ἰακωβ ἀκούσατε ἰσραηλ τοῦ πατρὸς ὑμῶν
- 3 Ou menm, Woubenn, premye pitit gason mwen, ou se fòs mwen, premye pitit mwen fè. Nan tout pitit mwen yo, se ou ki gen plis fòs, se ou ki pi gwonèg.
Reuben, you are my oldest son, the first-fruit of my strength, first in pride and first in power:
 ρουβην πρωτότοκός μου σὺ ἰσχύς μου καὶ ἀρχὴ τέκνων μου σκληρὸς φέρεσθαι καὶ σκληρὸς αὐθάδης
- 4 Ou tankou yon larivyè k'ap desann. Men, se pa ou k'ap alatèt, paske ou kouche ak yon madanm papa ou. Ou moute sou kabann mwen, ou fè sa ou pa t' dwe fè.
But because you were uncontrolled, the first place will not be yours; for you went up to your father's bed, even his bride-bed, and made it unclean.
 ἐξύβρισας ὡς ὕδωρ μὴ ἐκξέσης ἀνέβης γὰρ ἐπὶ τὴν κοίτην τοῦ πατρὸς σου τότε ἐμίανας τὴν στρωμνὴν οὗ ἀνέβης
- 5 ¶ Simeyon ak Levi se menm moun, se pwason kraze nan bouyon! Yo sèvi ak zam yo pou fè mechanste.
Simeon and Levi are brothers; deceit and force are their secret designs.
 συμεων καὶ λευὶ ἀδελφοὶ συνετέλεσαν ἀδικίαν ἐξ αἰρέσεως αὐτῶν
- 6 Mwen p'ap patisipe nan konplo yo. Mwen p'ap la avèk yo nan reyinyon yo. Paskè lè yo ankòlè, yo touye moun. Yo koupe jarèt towò bèf pou dan ri.
Take no part in their secrets, O my soul; keep far away, O my heart, from their meetings; for in their wrath they put men to death, and for their pleasure even oxen were wounded.
 εἰς βουλὴν αὐτῶν μὴ ἔλθῃ ἡ ψυχὴ μου καὶ ἐπὶ τῇ συστάσει αὐτῶν μὴ ἐρείσαι τὰ ἦπατά μου ὅτι ἐν τῷ θυμῷ αὐτῶν ἀπέκτειναν ἀνθρώπους καὶ ἐν τῇ ἐπιθυμίᾳ αὐτῶν ἐνευροκόπησαν ταῦρον
- 7 Madichon pou yo lè yo move paske yo san manman! M'ap fè yo rete toupatou nan peyi Jakòb la. M'ap gaye yo nan tout peyi Izrayèl la.
A curse on their passion for it was bitter; and on their wrath for it was cruel. I will let their heritage in Jacob be broken up, driving them from their places in Israel.
 ἐπικατάρατος ὁ θυμὸς αὐτῶν ὅτι αὐθάδης καὶ ἡ μῆνις αὐτῶν ὅτι ἐσκληρύνθη διαμεριῶ αὐτοὺς ἐν ἰακωβ καὶ διασπερῶ αὐτοὺς ἐν ἰσραηλ
- 8 ¶ Ou menm, Jida, frè ou yo ap fè lwanj ou. W'ap kenbe lènmi ou yo dèyè kou. Pitit papa ou yo ap bese tèt devan ou.
To you, Judah, will your brothers give praise: your hand will be on the neck of your haters; your father's sons will go down to the earth before you.
 ἰουδα σὲ αἰνέσαισαν οἱ ἀδελφοὶ σου αἱ χεῖρές σου ἐπὶ νότου τῶν ἐχθρῶν σου προσκυνήσουσίν σοι οἱ υἱοὶ τοῦ πατρὸς σου

- 9 Jida, se yon jenn ti lyon. Lè ou fin fè ravaj, pitit mwen, ou tounen tounen ou. Ou kwoupri, ou kache kò ou tankou yon jenn ti lyon, tankou yon fennèl lyon. Ki moun ki ka deranje ou?
Judah is a young lion; like a lion full of meat you have become great, my son; now he takes his rest like a lion stretched out and like an old lion; by whom will his sleep be broken?
 καὶ τὰ πρόβατα καὶ τοὺς βόας ὑμῶν ἀναλαμβάνετε πορεύεσθε εὐλογήσατε δὲ κἀμέ
- 33 Moun peyi Lejip yo te cho cho dèyè moun pèp Izrayèl yo pou fè yo prese kite peyi a. Yo t'ap di: -Si nou pa ale, nou tout ap mouri!
And the Egyptians were forcing the people on, to get them out of the land quickly; for they said, We are all dead men.
 καὶ κατεβιάζοντο οἱ αἰγύπτιοι τὸν λαὸν σπουδῆ ἐκβαλεῖν αὐτοὺς ἐκ τῆς γῆς εἶπαν γὰρ ὅτι πάντες ἡμεῖς ἀποθνήσκομεν
- 34 Se konsa pèp Izrayèl la pran pa t' farin lan san yo pa t' ankò mete ledven ladan l'. Yo mete yo sou platin fou yo, yo vlope yo nan rad yo, yo mete yo sou zepòl yo.
And the people took their bread-paste before it was leavened, putting their basins in their clothing on their backs.
 ἀνέλαβεν δὲ ὁ λαὸς τὸ σταῖς πρὸ τοῦ ζυμοθῆναι τὰ φουράματα αὐτῶν ἐνδεδεμένα ἐν τοῖς ἱματίοις αὐτῶν ἐπὶ τῶν ὤμων
- 35 Moun pèp Izrayèl yo te fè sa Moyiz te di yo a. Yo mande moun peyi Lejip yo bijou an ajan, bijou an lò ansanm ak rad.
And the children of Israel had done as Moses had said; and they got from the Egyptians ornaments of silver and of gold, and clothing:
 οἱ δὲ υἱοὶ Ἰσραὴλ ἐποίησαν καθὰ συνέταξεν αὐτοῖς Μωϋσῆ καὶ ἦτησαν παρὰ τῶν αἰγυπτίων σκευὴ ἀργυρᾶ καὶ χρυσᾶ καὶ ἱματισμόν
- 36 Seyè a te fè moun peyi Lejip yo gen kè sansib pou pèp Izrayèl la. Yo ba yo tou sa yo te mande. Se konsa pèp Izrayèl la pran tout bagay moun peyi Lejip yo.
And the Lord had given the people grace in the eyes of the Egyptians so that they gave them whatever was requested. So they took away all their goods from the Egyptians.
 καὶ κύριος ἔδωκεν τὴν χάριν τῷ λαῷ αὐτοῦ ἐναντίον τῶν αἰγυπτίων καὶ ἔχρησαν αὐτοῖς καὶ ἐσκόλευσαν τοὺς αἰγυπτίους

- 37 ¶ Moun pèp Izrayèl yo pati kite Ranmsès pou Soukòt. Te gen sisanmil (600,000) moun konsa, san konte fanm ak timoun. Yo tout te apye.
And the children of Israel made the journey from Rameses to Succoth; there were about six hundred thousand men on foot, as well as children.
ἀπάραντες δὲ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐκ ραμεσση εἰς σοκωθα εἰς ἑξακοσίας χιλιάδας πεζῶν οἱ ἄνδρες πλὴν τῆς ἀποσκευῆς
- 38 Te gen anpil moun lòt peyi tou ki te pati ansann ak yo. Te gen anpil mouton, kabrit ak bèf tou.
And a mixed band of people went with them; and flocks and herds in great numbers.
καὶ ἐπίμικτος πολλὸς συνανέβη αὐτοῖς καὶ πρόβατα καὶ βόες καὶ κτήνη πολλὰ σφόδρα
- 39 Avèk pa t' farin yo te pote soti peyi Lejip la, yo fè pen. Pen yo te san ledven, paske yo te prese mete yo deyò nan peyi Lejip la. Yo pa t' menm gen tan fè pwovizyon.
And they made unleavened cakes from the paste which they had taken out of Egypt; it was not leavened, for they had been sent out of Egypt so quickly, that they had no time to make any food ready.
καὶ ἔψωσαν τὸ σταῖς ὃ ἐξήνεγκαν ἐξ αἰγύπτου ἐγκρυφίας ἀζύμους οὐ γὰρ ἐξυμώθη ἐξέβαλον γὰρ αὐτοὺς οἱ αἰγύπτιοι καὶ οὐκ ἠδυνήθησαν ἐπιμεῖναι οὐδὲ ἐπισιτισμὸν ἐποίησαν ἑαυτοῖς εἰς τὴν ὁδόν
- 40 Moun pèp Izrayèl yo te pase katantrantan nan peyi Lejip la.
Now the children of Israel had been living in Egypt for four hundred and thirty years.
ἢ δὲ κατοίκησις τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἦν κατώκησαν ἐν γῆ αἰγύπτῳ καὶ ἐν γῆ χανααν ἔτη τετρακόσια τριάκοντα
- 41 Menm jou ki te fè yo katantrantan nan peyi a, jou pou jou, tout lame moun Seyè a soti kite peyi Lejip la.
And at the end of four hundred and thirty years, to the very day, all the armies of the Lord went out of the land of Egypt.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὰ τετρακόσια τριάκοντα ἔτη ἐξῆλθεν πᾶσα ἡ δύναμις κυρίου ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 42 Se te yon jou lannwit. Seyè a te pase tout nwit la ap veye pou fè yo soti kite peyi Lejip la. Se poutèt sa, se pou yo mete nwit sa a apa pou yo fè veye pou Seyè a. Se bagay pou yo toujou fè de pitit an pitit.
It is a watch-night before the Lord who took them out of the land of Egypt: this same night is a watch-night to the Lord for all the children of Israel, through all their generations.
νυκτὸς προφυλακῆ ἐστὶν τῷ κυρίῳ ὥστε ἐξαγαγεῖν αὐτοὺς ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐκείνη ἡ νύξ αὕτη προφυλακῆ κυρίῳ ὥστε πᾶσι τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ εἶναι εἰς γενεάς αὐτῶν
- 43 ¶ Seyè a di Moyiz ak Arawon konsa: -Men ki jan pou yo fete fèt Delivrans lan. Pou konmanse, ankenn moun lòt nasyon pa gen dwa patisipe ladan l'.
And the Lord said to Moses and Aaron, This is the law of the Passover: no man who is not an Israelite is to take of it:
εἶπεν δὲ κύριος πρὸς μουσῆν καὶ ααρων λέγων οὗτος ὁ νόμος τοῦ πασχα πᾶς ἀλλογενῆς οὐκ ἔδεται ἀπ' αὐτοῦ
- 44 Domestik nou achte pou sèvis lakay nou, lè nou fin sikonsi yo, yo mèt patisipe.
But every man's servant, whom he has got for money, may take of it, when he has had circumcision.
καὶ πᾶν οἰκέτην τινὸς ἢ ἀργυρόνητον περιτεμεῖς αὐτόν καὶ τότε φάγεται ἀπ' αὐτοῦ
- 45 Men, ni moun lòt nasyon ki depasaj lakay nou, ni domestik k'ap travay pou lajan pa ka patisipe nan fèt la.
A man from a strange country living among you, and a servant working for payment, may not take part in it.
πάροικος ἢ μισθωτὸς οὐκ ἔδεται ἀπ' αὐτοῦ
- 46 Se pou nou manje manje Delivrans lan anndan kay. Vyann lan pa fèt pou soti deyò menm. Ni nou pa fèt pou kraze ankenn zo bèt nou touye yo.
It is to be taken in one house; not a bit of the flesh is to be taken out of the house, and no bone of it may be broken.
ἐν οἰκίᾳ μιᾷ βρωθήσεται καὶ οὐκ ἐξοίσετε ἐκ τῆς οἰκίας τῶν κρεῶν ἕξω καὶ ὀστοῦν οὐ συντρίψετε ἀπ' αὐτοῦ
- 47 Se pou tout pèp Izrayèl la nèt fete fèt sa a.
All Israel is to keep the feast.
πᾶσα συναγωγὴ υἱῶν ἰσραὴλ ποιήσει αὐτό
- 48 Si gen yon moun lòt nasyon ki rete nan peyi a epi ki ta vle fete fèt Delivrans lan pou Seyè a, men sa pou nou fè: Sè pou nou sikonsi tout gason lakay li anvan. Apre sa, l'a gen dwa fete fèt Delivrans lan. y'a konsidere l' tankou moun natif natal pèp Izrayèl la. Si yon gason pa sikonsi, li pa ka patisipe nan fèt la.
And if a man from another country is living with you, and has a desire to keep the Passover to the Lord, let all the males of his family undergo circumcision, and then let him come near and keep it; for he will then be as one of your people; but no one without circumcision may keep it.
ἐὰν δὲ τις προσέλθῃ πρὸς ὑμᾶς προσήλυτος ποιήσει τὸ πασχα κυρίῳ περιτεμεῖς αὐτοῦ πᾶν ἄρσενικόν καὶ τότε προσελύσεται ποιῆσαι αὐτό καὶ ἔσται ὥσπερ καὶ ὁ αὐτόχθων τῆς γῆς πᾶς ἀπερίτμητος οὐκ ἔδεται ἀπ' αὐτοῦ
- 49 Lòd sa a bon ni pou natif natal yo ni pou moun lòt nasyon ki rete nan peyi a nan mitan nou.
The law is the same for him who is an Israelite by birth and for the man from a strange country who is living with you.
νόμος εἷς ἔσται τῷ ἐγγωρίῳ καὶ τῷ προσελθόντι προσηλύτῳ ἐν ὑμῖν

- 50 Tout moun pèp Izrayèl yo te swiv lòd la, yo te fè sa Seyè a te bay Moyiz ak Arawon lòd fè a.
So the children of Israel did as the Lord gave orders to Moses and Aaron.
 και ἐποίησαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ καθὰ ἐνετείλατο κύριος τῷ μουσῆ καὶ ααρων πρὸς αὐτούς οὕτως ἐποίησαν
- 51 Se jou sa a Seyè a te fè tout lame moun Izrayèl yo soti kite peyi Lejip la.
And on that very day the Lord took the children of Israel out of the land of Egypt by their armies.
 και ἐγένετο ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐξήγαγεν κύριος τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ ἐκ γῆς αἰγύπτου σὺν δυνάμει αὐτῶν
- 1 ¶ Seyè a di Moyiz konsa:
And the Lord said to Moses,
 εἶπεν δὲ κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Se pou nou mete tout premye pitit gason ak tout premye mal bèt yo apa pou mwen. Tout premye pitit gason moun pèp Izrayèl yo, tout premye mal bèt yo fè, se pou mwen yo ye.
Let the first male child of every mother among the children of Israel be kept holy for me, even the first male birth among man or beast; for it is mine.
 ἀγίασόν μοι πᾶν πρωτότοκον πρωτογενὲς διανοίγον πᾶσαν μήτραν ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ἀπὸ ἀνθρώπου ἕως κτήνους ἐμοὶ ἐστὶν
- 3 Moyiz di pèp la: -Pa janm bliye jou sa a, jou nou te soti kite peyi Lejip kote yo te fè nou tounen esklav la, paske se Seyè a menm ki te fè nou soti ak fòs ponyèt li. Jou sa a, se pa pou nou manje pen ki gen ledven ladan l'.
And Moses said to the people, Let this day, on which you came out of Egypt, out of your prison-house, be kept for ever in memory; for by the strength of his hand the Lord has taken you out from this place; let no leavened bread be used.
 εἶπεν δὲ μουσῆς πρὸς τὸν λαόν μνημονεύετε τὴν ἡμέραν ταύτην ἐν ᾗ ἐξήλθατε ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐξ οἴκου δουλείας ἐν γὰρ χειρὶ κραταιᾷ ἐξήγαγεν ὑμᾶς κύριος ἐντεῦθεν καὶ οὐ βρωθήσεται ζύμη
- 4 Se jòdi a, se jou sa a, nan mwa Abib la, n'ap soti kite peyi Lejip.
On this day, in the month Abib, you are going out.
 ἐν γὰρ τῇ σήμερον ὑμεῖς ἐκπορεύεσθε ἐν μηνὶ τῶν νέων
- 5 Seyè a va fè nou antre nan peyi ki pou moun Kanaran yo, pou moun Et yo, pou moun Amori yo, pou moun Evi yo ak moun Jebis yo. Se yon peyi ki rich anpil, kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Se peyi sa a Seyè a te pwomèt l'ap bay zansèt nou yo. Lè l'a fè nou antre nan peyi sa a, n'a toujou fè sèvis sa a nan menm mwa a.
And it will be that, when the Lord takes you into the land of the Canaanite and the Hittite and the Amorite and the Hivite and the Jebusite, the land which he made an oath to your fathers that he would give you, a land flowing with milk and honey, you will do this act of worship in this month.
 και ἔσται ἡνῖκα ἐὰν εἰσαγάγῃ σε κύριος ὁ θεός σου εἰς τὴν γῆν τῶν χαναναίων καὶ χετταίων καὶ εωαίων καὶ γεργεσαίων καὶ αμορραίων καὶ φερεζαίων καὶ ιεβουσαίων ἣν ὤμοσεν τοῖς πατράσιν σου δοῦναι σοὶ γῆν ῥέουσαν γάλα καὶ μέλι καὶ ποιήσεις τὴν λατρείαν ταύτην ἐν τῷ μηνὶ τούτῳ
- 6 Pandan sèt jou, n'a manje pen ki fèt san ledven. Sou setyèm jou a, n'a fè yon fèt pou Seyè a.
For seven days let your food be unleavened cakes; and on the seventh day there is to be a feast to the Lord.
 ἕξ ἡμέρας ἔδεσθε ἄζυμα τῇ δὲ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ ἑορτὴ κυρίου
- 7 Pandan sèt jou, n'a manje pen ki fèt san ledven. Yo pa dwe jwenn ni pen ki fèt ak ledven, ni ledven menm lakay nou, nan tout peyi a.
Unleavened cakes are to be your food through all the seven days; let no leavened bread be seen among you, or any leaven, in any part of your land.
 ἄζυμα ἔδεσθε τὰς ἑπτὰ ἡμέρας οὐκ ὀφθήσεται σοὶ ζυμωτόν οὐδὲ ἔσται σοὶ ζύμη ἐν πᾶσιν τοῖς ὀρίοις σου
- 8 Jou sa a, men sa n'a di pitit gason nou yo: Nou fè tou sa pou Seyè a, lè nou chonje tou sa li te fè pou nou lè nou soti kite Lejip la.
And you will say to your son in that day, It is because of what the Lord did for me when I came out of Egypt.
 και ἀναγγελεῖς τῷ υἱῷ σου ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ λέγων διὰ τοῦτο ἐποίησεν κύριος ὁ θεός μοι ὡς ἐξεπορεύομην ἐξ αἰγύπτου
- 9 Sèvis sa a ap tankou yon mak nan men nou osinon yon bagay nou mete nan tèt nou pou nou pa bliye, pou nou ka toujou fè konnen lòd Seyè a. Paske, se avèk fòs ponyèt li li fè nou soti kite peyi Lejip la.
And this will be for a sign to you on your hand and for a mark on your brow, so that the law of the Lord may be in your mouth: for with a strong hand the Lord took you out of Egypt.
 και ἔσται σοὶ σημεῖον ἐπὶ τῆς χειρός σου καὶ μνημόσυνον πρὸ ὀφθαλμῶν σου ὅπως ἂν γένηται ὁ νόμος κυρίου ἐν τῷ στόματί σου ἐν γὰρ χειρὶ κραταιᾷ ἐξήγαγέν σε κύριος ὁ θεός ἐξ αἰγύπτου
- 10 Toujou fè sèvis sa a chak lanne, nan dat mwen te fikse a.
So let this order be kept, at the right time, from year to year.
 και φυλάξεσθε τὸν νόμον τοῦτον κατὰ καιροὺς ὥρων ἀφ' ἡμερῶν εἰς ἡμέρας

- 11 ¶ Lè Seyè a va fè nou antre nan peyi moun Kanaran yo, dapre pwomès li te fè nou an, nou menm ansanm ak zansèt nou yo, lè Seyè a va ban nou peyi sa a,
And when the Lord takes you into the land of Canaan, as he made his oath to you and to your fathers, and gives it to you,
καὶ ἔσται ὡς ἂν εἰσαγάγῃ σε κύριος ὁ θεός σου εἰς τὴν γῆν τῶν χανααναίων ὃν τρόπον ὤμοσεν τοῖς πατράσιν σου καὶ δώσει σοὶ αὐτήν
- 12 n'a pran tout premye pitit gason nou yo, n'a mete yo apa pou Seyè a. Konsa tou, tout premye pitit bèt nou yo, depi se mal yo ye, se pou mwen yo ye.
You are to put on one side for the Lord every mother's first male child, the first-fruit of her body, and the first young one of every beast; every male is holy to the Lord.
καὶ ἀφελεῖς πᾶν διανοίγον μῆτραν τὰ ἀρσενικά τῷ κυρίῳ πᾶν διανοίγον μῆτραν ἐκ τῶν βουκολίων ἢ ἐν τοῖς κτήνεσίν σου ὅσα ἐν γένηταί σοι τὰ ἀρσενικά ἀγιάσεις τῷ κυρίῳ
- 13 Nan plas tout premye pitit bourik nou yo, se pou nou ban mwen yon ti mouton. Si nou pa fè sa, se pou nou kase kou l'. Men, n'a ofri m' bagay pou achte lavi tout premye pitit gason nou yo nan men mwen.
And for the young of an ass you may give a lamb in payment, or if you will not make payment for it, its neck is to be broken; but for all the first sons among your children, let payment be made.
πᾶν διανοίγον μῆτραν ὄνου ἀλλάξεις προβάτῳ ἐὰν δὲ μὴ ἀλλάξης λυτρώσῃ αὐτὸ πᾶν πρωτότοκον ἀνθρώπου τῶν υἱῶν σου λυτρώσῃ
- 14 Denmen, lè pitit gason nou yo va mande nou poukisa nou fè sa, n'a di yo: Se paske se ak fòs ponyèt li Seyè a te fè nou soti kite peyi Lejip kote yo te fè nou tounen esklav la.
And when your son says to you in time to come, What is the reason for this? say to him, By the strength of his hand the Lord took us out of Egypt, out of the prison-house:
ἐὰν δὲ ἐρωτήσῃ σε ὁ υἱός σου μετὰ ταῦτα λέγων τί τοῦτο καὶ ἔρεις αὐτῷ ὅτι ἐν χειρὶ κραταιᾷ ἐξήγαγεν ἡμᾶς κύριος ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐξ οἴκου δουλείας
- 15 Seyè a te touye depi premye pitit gason moun peyi Lejip yo rive jouk premye mal bèt yo fè, paske farawon an t'ap fè tèt di, li pa t' vle kite nou ale. Se poutèt sa nou ofri bay Seyè a tout premye mal bèt nou yo fe, epi nou ofri lòt bagay pou achte lavi tout premye pitit gason nou yo nan men l'.
And when Pharaoh made his heart hard and would not let us go, the Lord sent death on all the first sons in Egypt, of man and of beast: and so every first male who comes to birth is offered to the Lord; but for all the first of my sons I give a price.
ἡγίκα δὲ ἐσκλήρυνεν φαραὼ ἐξαποστεῦλαι ἡμᾶς ἀπέκτεινεν πᾶν πρωτότοκον ἐν γῆ αἰγύπτου ἀπὸ πρωτότόκων ἀνθρώπων ἕως πρωτοτόκων κτηνῶν διὰ τοῦτο ἐγὼ θύω τῷ κυρίῳ πᾶν διανοίγον μῆτραν τὰ ἀρσενικά καὶ πᾶν πρωτότοκον τῶν υἱῶν μου λυτρώσομαι
- 16 Sèvis sa a va tounen tankou yon mak sou men nou, tankou bando nou mare sou fwon nou, pou fè nou chonje se ak fòs ponyèt li Seyè a te fè nou soti kite peyi Lejip.
And this will be for a sign on your hand and for a mark on your brow: for by the strength of his hand the Lord took us out of Egypt.
καὶ ἔσται εἰς σημεῖον ἐπὶ τῆς χειρός σου καὶ ἀσάλυτον πρὸ ὀφθαλμῶν σου ἐν γὰρ χειρὶ κραταιᾷ ἐξήγαγεν σε κύριος ἐξ αἰγύπτου
- 17 ¶ Lè farawon an kite pèp Izrayèl la pati, Bondye pa mennen yo nan wout ki pase bò lanmè a pou ale nan peyi moun Filisti yo, atout se wout sa a ki te pi kout, paske Bondye te di: Mwen pa vle pou pèp la gen remò pou yo kase tèt tounen nan peyi Lejip la ankò, lè y'a wè batay yo gen pou yo fè.
Now after Pharaoh had let the people go, God did not take them through the land of the Philistines, though that was near: for God said, If the people see war, they may have a change of heart and go back to Egypt.
ὡς δὲ ἐξαπέστειλεν φαραὼ τὸν λαόν οὐχ ὠδήγησεν αὐτοὺς ὁ θεὸς ὁδὸν γῆς φυλιστιμὶ ὅτι ἐγγυὸς ἦν εἶπεν γὰρ ὁ θεὸς μήποτε μεταμελήσῃ τῷ λαῷ ἰδόντι πόλεμον καὶ ἀποστρέψῃ εἰς αἰγύπτου
- 18 Se konsa, Bondye fè pèp la pran chemen dezè a nan direksyon lanmè Wouj la. Pèp Izrayèl la te soti kite peyi Lejip la tankou yon lame.
But God took the people round by the waste land near the Red Sea: and the children of Israel went up in fighting order out of the land of Egypt.
καὶ ἐκύκλωσεν ὁ θεὸς τὸν λαὸν ὁδὸν τὴν εἰς τὴν ἔρημον εἰς τὴν ἐρυθρὰν θάλασσαν πέμπτη δὲ γενεὰ ἀνέβησαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 19 Moyiz pran zosman Jozèf yo avèk li, paske Jozèf te fè moun pèp Izrayèl yo fè sèman. Li te di yo: Bondye gen pou vin ede nou. Lè sa a, se pou nou pati ak zosman mwen soti isit la.
And Moses took the bones of Joseph with him, for Joseph had made the children of Israel take an oath, saying, God will certainly keep you in mind; and you are to take my bones away with you.
καὶ ἔλαβεν μουσῆς τὰ ὀστά ἰωσήφ μεθ' ἑαυτοῦ ὄρκῳ γὰρ ὄρκισεν ἰωσήφ τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ λέγων ἐπισκοπῆ ἐπισκέμεται ὑμᾶς κύριος καὶ συνανοίσετέ μου τὰ ὀστά ἐντεῦθεν μεθ' ὑμῶν
- 20 Yo kite Soukòt, yo rive yon kote ki rele Etam, sou lizyè dezè a, yo pase kèk tan la.
Then they went on their journey from Succoth, and put up their tents in Etham at the edge of the waste land.
ἐξάραντες δὲ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐκ σοκκωθ ἐστρατοπέδευσαν ἐν οἰθμὶ παρὰ τὴν ἔρημον
- 21 Lajounen, Seyè a t'ap mache devan yo nan yon gwo nwaj ki te gen fòm yon potò pou moutre yo chemen pou yo pran. Lannwit, li t'ap mache devan yo nan yon dife ki te tankou yon flanm ki t'ap klere yo. Konsa, yo te ka vwayaje lajounen kou lannwit.
And the Lord went before them by day in a pillar of cloud, guiding them on their way; and by night in a pillar of fire to give them light: so that they were able to go on day and night:
ὁ δὲ θεὸς ἠγεῖτο αὐτῶν ἡμέρας μὲν ἐν στύλῳ νεφέλης δεῖξαι αὐτοῖς τὴν ὁδὸν τὴν δε νύκτα ἐν στύλῳ πυρός
- 22 Lajounen, nwaj la te toujou ap mache devan pèp la. Lannwit, se te dife a.
The pillar of cloud went ever before them by day, and the pillar of fire by night.
οὐκ ἐξέλιπεν ὁ στύλος τῆς νεφέλης ἡμέρας καὶ ὁ στύλος τοῦ πυρός νυκτὸς ἐναντίον παντὸς τοῦ λαοῦ

- 1 ¶ Bondye pale ak Moyiz, li di l':
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Pale ak pèp Izrayèl la, di yo: Tounen dèyè, moute tant nou devan Pyakiròt, ant Migdòl ak lanmè a, anfas Baalsefon. N'a moute tant nou devan kote sa a, bò lanmè a.
Give orders to the children of Israel to go back and put up their tents before Pi-hahiroth, between Migdol and the sea, in front of Baal-zephon, opposite to which you are to put up your tents by the sea.
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἀποστρέψαντες στρατοπεδευσάτωσαν ἀπέναντι τῆς ἐπαύλεως ἀνά μέσον μαγδώλου καὶ ἀνά μέσον τῆς θαλάσσης ἐξ ἐναντίας βεελσεφῶν ἐνώπιον αὐτῶν στρατοπεδεύουσιν ἐπὶ τῆς θαλάσσης
- 3 Farawon an pral mete nan tèt li pèp Izrayèl la pèdi nan peyi a, yo pa konn kote pou yo fè nan dezè a.
And Pharaoh will say of the children of Israel, They are wandering without direction, they are shut in by the waste land.
καὶ ἐρεῖ φαραῶ τῷ λαῷ αὐτοῦ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ πλανῶνται οὗτοι ἐν τῇ γῆ συγκέκλεικεν γὰρ αὐτοὺς ἡ ἔρημος
- 4 M'ap fè farawon an fè tèt di ankò, l'a rapouswiv nou. Men, m'ap bat ni farawon an ni tout lame li yo. Sa va sèvi yon lwanj pou mwen. Konsa, moun peyi Lejip yo va konnen se mwen menm ki Seyè a. Moun pèp Izrayèl yo fè jan Bondye te di yo a.
And I will make Pharaoh's heart hard, and he will come after them and I will be honoured over Pharaoh and all his army, so that the Egyptians may see that I am the Lord. And they did so.
ἐγὼ δὲ σκληρυνῶ τὴν καρδίαν φαραῶ καὶ καταδιώξεται ὀπίσω αὐτῶν καὶ ἐνδοξασθήσομαι ἐν φαραῶ καὶ ἐν πάσῃ τῇ στρατιᾷ αὐτοῦ καὶ γνώσονται πάντες οἱ αἰγύπτιοι ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος καὶ ἐποίησαν οὕτως
- 5 Farawon an, wa Lejip la, resewva rapò. Yo vin di l' pèp la sove ale. Lè sa a, farawon an ak moun pa l' yo chanje lide. Yo di: -Sa nou fè la a? Nou kite yo ale? Yo sove kite travay yo t'ap fè pou nou an?
And word came to Pharaoh of the flight of the people: and the feeling of Pharaoh and of his servants about the people was changed, and they said, Why have we let Israel go, so that they will do no more work for us?
καὶ ἀνηγγέλη τῷ βασιλεῖ τῶν αἰγυπτίων ὅτι πέφευγεν ὁ λαὸς καὶ μετεστράφη ἡ καρδία φαραῶ καὶ τῶν θεραπόντων αὐτοῦ ἐπὶ τὸν λαόν καὶ εἶπαν τί τοῦτο ἐποίησαμεν τοῦ ἐξαποστεῖλαι τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ τοῦ μὴ δουλεύειν ἡμῖν
- 6 Farawon an fè pare cha lagè li. Li pran sòlda li yo ak li.
So he had his war-carriage made ready and took his people with him:
ἔξευξεν οὖν φαραῶ τὰ ἄρματα αὐτοῦ καὶ πάντα τὸν λαόν αὐτοῦ συναπήγαγεν μεθ' ἑαυτοῦ
- 7 Li pran sisan (600) cha nan sa ki te pi bon yo. Tout lòt cha yo te ale tou. Yo tout te gen sòlda ame sou yo.
And he took six hundred carriages, all the carriages of Egypt, and captains over all of them.
καὶ λαβὼν ἑξακόσια ἄρματα ἐκλεκτὰ καὶ πᾶσαν τὴν ἵππον τῶν αἰγυπτίων καὶ τριστάτας ἐπὶ πάντων
- 8 Seyè a te fèmen kè farawon an, wa Lejip la. Farawon an pran rapouswiv moun pèp Izrayèl yo ki te soti kite peyi a devan je tout moun san pesonn pa t' di yo anyen.
And the Lord made the heart of Pharaoh hard, and he went after the children of Israel: for the children of Israel had gone out without fear.
καὶ ἐσκληρυνεν κύριος τὴν καρδίαν φαραῶ βασιλέως αἰγύπτου καὶ τῶν θεραπόντων αὐτοῦ καὶ κατεδίωξεν ὀπίσω τῶν υἱῶν ἰσραὴλ οἱ δὲ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐξεπορεύοντο ἐν χειρὶ ὑψηλῇ
- 9 Men apre sa, moun peyi Lejip yo pran kouri dèyè yo ak tout chwal yo, tout cha lagè farawon yo, tout kavalye yo. Tout lame yo te dèyè pèp Izrayèl la. Yo jwenn yo kote yo te moute tant yo a, bò lanmè a, toupre Pyakiròt anfas Baalsefon.
But the Egyptians went after them, all the horses and carriages of Pharaoh, and his horsemen, and his army, and overtook them in their tents by the sea, by Pihahiroth, before Baal-zephon.
καὶ κατεδίωξαν οἱ αἰγύπτιοι ὀπίσω αὐτῶν καὶ εὗροσαν αὐτοὺς παρεμβεβληκότας παρὰ τὴν θάλασσαν καὶ πᾶσα ἡ ἵππος καὶ τὰ ἄρματα φαραῶ καὶ οἱ ἱππεῖς καὶ ἡ στρατιὰ αὐτοῦ ἀπέναντι τῆς ἐπαύλεως ἐξ ἐναντίας βεελσεφῶν
- 10 ¶ Antan farawon an t'ap pwoche, moun Izrayèl yo leve je yo, yo wè moun peyi Lejip yo ki t'ap rapouswiv yo. Yo te pè anpil. Yo pran rele nan pye Seyè a.
And when Pharaoh came near, the children of Israel, lifting up their eyes, saw the Egyptians coming after them, and were full of fear; and their cry went up to God.
καὶ φαραῶ προσῆγεν καὶ ἀναβλέψαντες οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ τοῖς ὀφθαλμοῖς ὄρωσιν καὶ οἱ αἰγύπτιοι ἐστρατοπεδέυσαν ὀπίσω αὐτῶν καὶ ἐφοβήθησαν σφόδρα ἀνεβόησαν δὲ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ πρὸς κύριον
- 11 Yo di Moyiz konsa: -Eske se paske pa gen kote pou antere moun nan peyi Lejip la kifè ou mennen nou vin mouri isit la nan dezè a? Kisa ou fè nou konsa lè ou te fè nou soti kite Lejip la?
And they said to Moses, Was there no resting-place for the dead in Egypt, that you have taken us away to come to our death in the waste land? why have you taken us out of Egypt?
καὶ εἶπεν πρὸς μουσῆν παρὰ τὸ μὴ ὑπάρχειν μνήματα ἐν γῇ αἰγύπτῳ ἐξηγάγετε ἡμᾶς θανατώσαι ἐν τῇ ἐρήμῳ τί τοῦτο ἐποίησας ἡμῖν ἐξαγαγὼν ἐξ αἰγύπτου
- 12 Eske nou pa t' di ou sa lè nou te Lejip toujou? Nou te di ou: Kite nou travay pou moun peyi Lejip yo, pa vre! Pito nou travay pou moun peyi Lejip yo pase pou nou mouri nan dezè a.
Did we not say to you in Egypt, Let us be as we are, working for the Egyptians? for it is better to be the servants of the Egyptians than to come to our death in the waste land.
οὐ τοῦτο ἦν τὸ ῥῆμα ὃ ἐλαλήσαμεν πρὸς σὲ ἐν αἰγύπτῳ λέγοντες πάρες ἡμᾶς ὅπως δουλεύσομεν τοῖς αἰγυπτίοις κρεῖσσον γὰρ ἡμᾶς δουλεύειν τοῖς αἰγυπτίοις ἢ ἀποθανεῖν ἐν τῇ ἐρήμῳ ταύτῃ

- 13 Moyiz reponn pèp la: -Nou pa bezwen pè. Pran kouraj. Louvri je nou pou nou wè jan Seyè a pral delivre nou jòdi a. Moun peyi Lejip sa yo nou wè jòdi a, nou p'ap janm wè yo ankò.
But Moses said, Keep where you are and have no fear; now you will see the salvation of the Lord which he will give you today; for the Egyptians whom you see today you will never see again.
εἶπεν δὲ μουσῆς πρὸς τὸν λαόν θαρσεῖτε στήτε καὶ ὁράτε τὴν σωτηρίαν τὴν παρὰ τοῦ θεοῦ ἣν ποιήσει ἡμῖν σήμερον ὄν τρόπον γὰρ ἐωράκατε τοὺς αἰγυπτίους σήμερον οὐ προσθήσεσθε ἔτι ἰδεῖν αὐτοὺς εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον
- 14 Seyè a ap goumen pou nou. Nou menm, poze san nou.
The Lord will make war for you, you have only to keep quiet.
κύριος πολέμησει περὶ ὑμῶν καὶ ὑμεῖς σιγήσετε
- 15 ¶ Seyè a di Moyiz: -Poukisa w'ap rele konsa nan zòrèy mwen? Di moun pèp Izrayèl yo pou yo leve mache.
And the Lord said to Moses, Why are you crying out to me? give the children of Israel the order to go forward.
εἶπεν δὲ κύριος πρὸς μουσῆν τί βοᾷς πρὸς με λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἀναζευξάτωσαν
- 16 Ou menm, leve baton ou lan. Lonje men ou sou lanmè a, fann li de bò. Konsa, moun pèp Izrayèl yo va mache nan mitan lanmè a tankou sou tè sèk.
And let your rod be lifted up and your hand stretched out over the sea, and it will be parted in two; and the children of Israel will go through on dry land.
καὶ σὺ ἔπαρον τῆ ράβδῳ σου καὶ ἔκτεινον τὴν χεῖρά σου ἐπὶ τὴν θάλασσαν καὶ ῥήξον αὐτὴν καὶ εἰσελεύσονται οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ εἰς μέσον τῆς θαλάσσης κατὰ τὸ ξηρὸν
- 17 M'ap fè moun peyi Lejip yo fè tèt di pi rèd. Y'ap antre dèyè moun pèp Izrayèl yo nan mitan lanmè a. Mwen pral bat farawon an ansanm ak tout lame l' a, tout cha li yo ak tout kavalye l' yo. Sa va sèvi yon lwanj pou mwen.
And I will make the heart of the Egyptians hard, and they will go in after them: and I will be honoured over Pharaoh and over his army, his war-carriages, and his horsemen.
καὶ ἰδοὺ ἐγὼ σκληρυνῶ τὴν καρδίαν φαραῶ καὶ τῶν αἰγυπτίων πάντων καὶ εἰσελεύσονται ὀπίσω αὐτῶν καὶ ἐνδοξαστήσομαι ἐν φαραῶ καὶ ἐν πάσῃ τῇ στρατιᾷ αὐτοῦ καὶ ἐν τοῖς ἄρμασιν καὶ ἐν τοῖς ἵπποις αὐτοῦ
- 18 Lè m'a bat farawon an ansanm ak tout cha li yo ak kavalye li yo, moun peyi Lejip yo va konnen se mwen menm ki Seyè a.
And the Egyptians will see that I am the Lord, when I get honour over Pharaoh and his war-carriages and his horsemen.
καὶ γινώσκονται πάντες οἱ αἰγύπτιοι ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ἐνδοξαζομένου μου ἐν φαραῶ καὶ ἐν τοῖς ἄρμασιν καὶ ἵπποις αὐτοῦ
- 19 Zanj Bondye ki t'ap mache devan moun pèp Izrayèl yo chanje plas, li pase dèyè. Nwaj ki te devan yo a chanje plas tou, li pase dèyè yo.
Then the angel of God, who had been before the tents of Israel, took his place at their back; and the pillar of cloud, moving from before them, came to rest at their back;
ἐξῆρεν δὲ ὁ ἄγγελος τοῦ θεοῦ ὁ προπορευόμενος τῆς παρεμβολῆς τῶν υἱῶν ἰσραὴλ καὶ ἐπορεύθη ἐκ τῶν ὀπισθεν ἐξῆρεν δὲ καὶ ὁ στύλος τῆς νεφέλης ἀπὸ προσώπου αὐτῶν καὶ ἔστη ἐκ τῶν ὀπίσω αὐτῶν
- 20 Li rete nan mitan ant moun peyi Lejip yo ak moun pèp Izrayèl yo. Nwaj la te tou nwa yon bò. Sou lòt bò a, li t'ap klere tout lannwit. Konsa, de lame yo pa t' ka pwoche yonn sou lòt pandan tout lannwit lan.
And it came between the army of Egypt and the army of Israel; and there was a dark cloud between them, and they went on through the night; but the one army came no nearer to the other all the night.
καὶ εἰσῆλθεν ἀνά μέσον τῆς παρεμβολῆς τῶν αἰγυπτίων καὶ ἀνά μέσον τῆς παρεμβολῆς ἰσραὴλ καὶ ἔστη καὶ ἐγένετο σκότος καὶ γνόφος καὶ διῆλθεν ἡ νύξ καὶ οὐ συνέμιζαν ἀλλήλοις ὄλην τὴν νύκτα
- 21 ¶ Moyiz lonje men l' sou lanmè a. Seyè a fè yon gwo van nòde souffle byen fò pandan tout lannwit lan sou lanmè a. Li fè fon lanmè a tounen tè sèk, dlo a fann de bò.
And when Moses' hand was stretched out over the sea, the Lord with a strong east wind made the sea go back all night, and the waters were parted in two and the sea became dry land.
ἐξέτεινεν δὲ μουσῆς τὴν χεῖρα ἐπὶ τὴν θάλασσαν καὶ ὑπήγαγεν κύριος τὴν θάλασσαν ἐν ἀνέμῳ νότῳ βιαίῳ ὄλην τὴν νύκτα καὶ ἐποίησεν τὴν θάλασσαν ξηρὰν καὶ ἐσχίσθη τὸ ὕδωρ
- 22 Moun pèp Izrayèl yo antre sou tè sèk la, nan mitan lanmè a. Dlo a te kanpe de bò tankou yon miray sou bò dwat yo ak sou bò gòch yo.
And the children of Israel went through the sea on dry land: and the waters were a wall on their right side and on their left.
καὶ εἰσῆλθον οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ εἰς μέσον τῆς θαλάσσης κατὰ τὸ ξηρὸν καὶ τὸ ὕδωρ αὐτοῖς τεῖχος ἐκ δεξιῶν καὶ τεῖχος ἐξ εὐωνύμων
- 23 Moun peyi Lejip yo pran rapouswiv yo. Yo antre dèyè yo nan mitan lanmè a ak tout chwal farawon yo, tout cha li yo ak tout kavalye l' yo.
Then the Egyptians went after them into the middle of the sea, all Pharaoh's horses and his war-carriages and his horsemen.
κατεδίωξαν δὲ οἱ αἰγύπτιοι καὶ εἰσῆλθον ὀπίσω αὐτῶν πᾶσα ἡ ἵππος φαραῶ καὶ τὰ ἄρματα καὶ οἱ ἀναβάται εἰς μέσον τῆς θαλάσσης
- 24 Lè devanjou rive, Seyè a rete nan dife a ak nan nwaj la, li voye je l' sou lame peyi Lejip la, li lage yon sèl dezòd nan mitan yo.
And in the morning watch, the Lord, looking out on the armies of the Egyptians from the pillar of fire and cloud, sent trouble on the army of the Egyptians;
ἐγενήθη δὲ ἐν τῇ φυλακῇ τῇ ἑωθινή καὶ ἐπέβλεψεν κύριος ἐπὶ τὴν παρεμβολὴν τῶν αἰγυπτίων ἐν στύλῳ πυρὸς καὶ νεφέλης καὶ συνετάραξεν τὴν παρεμβολὴν τῶν αἰγυπτίων

- 25 Li bloke wou cha yo. Sa te difisil anpil pou cha yo te vanse. Lè sa a, moun peyi Lejip yo di konsa: -Ann kouri kite moun Izrayèl yo an repo. Paske, Seyè a ap goumen pou yo kont nou.
And made the wheels of their war-carriages stiff, so that they had hard work driving them: so the Egyptians said, Let us go in flight from before the face of Israel, for the Lord is fighting for them against the Egyptians.
καὶ συνέδησεν τοὺς ἄξονας τῶν ἁρμάτων αὐτῶν καὶ ἤγαγεν αὐτοὺς μετὰ βίας καὶ εἶπαν οἱ αἰγύπτιοι φύγωμεν ἀπὸ προσώπου ἰσραηλ ὁ γὰρ κύριος πολεμεῖ περὶ αὐτῶν τοὺς αἰγυπτίους
- 26 Lè sa a, Seyè a di Moyiz: -Lonje men ou sou lanmè a ankò. Dlo a ap tounen nan plas li, l'ap kouvri moun peyi Lejip yo ansanm ak tout cha yo ak kavalye yo.
And the Lord said to Moses, Let your hand be stretched out over the sea, and the waters will come back again on the Egyptians, and on their war-carriages and on their horsemen.
εἶπεν δὲ κύριος πρὸς μουσῆν ἔκτεινον τὴν χεῖρά σου ἐπὶ τὴν θάλασσαν καὶ ἀποκαταστήτω τὸ ὕδωρ καὶ ἐπικαλυψάτω τοὺς αἰγυπτίους ἐπὶ τε τὰ ἄρματα καὶ τοὺς ἀναβάτας
- 27 Se konsa, lè jou pral kase, Moyiz lonje men l' sou lanmè a, dlo a tounen nan plas li. Lè moun peyi Lejip yo wè dlo a ap vini sou yo, yo t'ap chache sove poul yo. Yo pran kouri. Men, Seyè a voye yo jete nan lanmè a.
And when Moses' hand was stretched out over the sea, at dawn the sea came flowing back, meeting the Egyptians in their flight, and the Lord sent destruction on the Egyptians in the middle of the sea.
ἐξέτεινεν δὲ μουσῆς τὴν χεῖρα ἐπὶ τὴν θάλασσαν καὶ ἀπεκατέστη τὸ ὕδωρ πρὸς ἡμέραν ἐπὶ χώρας οἱ δὲ αἰγύπτιοι ἔφυγον ὑπὸ τὸ ὕδωρ καὶ ἐξετίναξεν κύριος τοὺς αἰγυπτίους μέσον τῆς θαλάσσης
- 28 Dlo a tounen nan plas li, li kouvri cha yo, kavalye yo ak tout lame farawon an. Wi, li kouvri tout moun ki t'ap kouri deyè moun pèp Izrayèl yo nan lanmè a. Pa gen yonn ki chape.
And the waters came back, covering the war-carriages and the horsemen and all the army of Pharaoh which went after them into the middle of the sea; not one of them was to be seen.
καὶ ἐπαναστραφὲν τὸ ὕδωρ ἐκάλυπεν τὰ ἄρματα καὶ τοὺς ἀναβάτας καὶ πᾶσαν τὴν δύναμιν φαραω τοὺς εἰσπεπορευμένους ὀπίσω αὐτῶν εἰς τὴν θάλασσαν καὶ οὐ κατελείφθη ἕξ αὐτῶν οὐδὲ εἷς
- 29 Men, moun Izrayèl yo menm te mache nan mitan lanmè a tankou sou tè sèk. Dlo a te kanpe tankou yon miray sou bò dwat ak sou bò gòch yo.
But the children of Israel went through the sea walking on dry land, and the waters were a wall on their right side and on their left.
οἱ δὲ υἱοὶ ἰσραηλ ἐπορεύθησαν διὰ ξηρᾶς ἐν μέσῳ τῆς θαλάσσης τὸ δὲ ὕδωρ αὐτοῖς τεῖχος ἐκ δεξιῶν καὶ τεῖχος ἐξ εὐωνύμων
- 30 Sè jou sa a Seyè a te delivre pèp Izrayèl la anba men moun peyi Lejip yo. Moun pèp Izrayèl yo te wè kadav moun peyi Lejip yo sou tout bò lanmè a.
So that day the Lord gave Israel salvation from the hands of the Egyptians; and Israel saw the Egyptians dead on the sea's edge.
καὶ ἐρρύσατο κύριος τὸν ἰσραηλ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐκ χειρὸς τῶν αἰγυπτίων καὶ εἶδεν ἰσραηλ τοὺς αἰγυπτίους τεθνηκότας παρὰ τὸ χεῖλος τῆς θαλάσσης
- 31 Yo wè sa Seyè a te fè moun peyi Lejip yo pase ak fòs ponyèt pa li. Pèp Izrayèl la vin gen krentif pou Seyè a. Yo mete konfyans yo nan Seyè a ak nan Moyiz, sèvitè l' la.
And Israel saw the great work which the Lord had done against the Egyptians, and the fear of the Lord came on the people and they had faith in the Lord and in his servant Moses.
εἶδεν δὲ ἰσραηλ τὴν χεῖρα τὴν μεγάλην ἃ ἐποίησεν κύριος τοῖς αἰγυπτίοις ἐφοβήθη δὲ ὁ λαὸς τὸν κύριον καὶ ἐπίστευσαν τῷ θεῷ καὶ μουσῆ τῷ θεράποντι αὐτοῦ
- 1 ¶ Lè sa a, Moyiz ak moun pèp Izrayèl yo chante yon chante pou Seyè a. Men sa chante a di: -M'ap chante pou Seyè a, paske li genyen batay la. Li voye chwal yo ak tout kavalye yo jete nan lanmè.
Then Moses and the children of Israel made this song to the Lord, and said, I will make a song to the Lord, for he is lifted up in glory: the horse and the horseman he has sent down into the sea.
τότε ἦσεν μουσῆς καὶ οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὴν ᾠδὴν ταύτην τῷ θεῷ καὶ εἶπαν λέγοντες ἄσωμεν τῷ κυρίῳ ἐνδόξως γὰρ δεδόξασται ἵππον καὶ ἀναβάτην ἔρριψεν εἰς θάλασσαν
- 2 Seyè a, se tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante. Se li menm ki delivre m'. Se Bondye mwen li ye, m'ap fè lwanj li. Se Bondye zansèt mwen yo, m'ap di jan li gen pounwa.
The Lord is my strength and my strong helper, he has become my salvation: he is my God and I will give him praise; my father's God and I will give him glory.
βοηθὸς καὶ σκεπαστὴς ἐγένετό μοι εἰς σωτηρίαν οὗτός μου θεός καὶ δοξάσω αὐτόν θεὸς τοῦ πατρὸς μου καὶ ὑψώσω αὐτόν
- 3 Seyè a, se yon vanyan sòlda. Se Seyè yo rele l'.
The Lord is a man of war: the Lord is his name.
κύριος συντρίβων πολέμους κύριος ὄνομα αὐτοῦ
- 4 Li voye cha farawon yo ansanm ak tout lame l' a jete nan lanmè. Li fè pi bon sòlda li yo mouri neye nan lanmè Wouj la.
Pharaoh's war-carriages and his army he has sent down into the sea: the best of his captains have gone down into the Red Sea.
ἄρματα φαραω καὶ τὴν δύναμιν αὐτοῦ ἔρριψεν εἰς θάλασσαν ἐπιλέκτους ἀναβάτας τριστάτας κατεπόντισεν ἐν ἐρυθρᾷ θαλάσσει
- 5 Lanm lanmè a kouvri yo. Yo fè fon tankou ròch.
They were covered by the deep waters: like a stone they went down under the waves.
πάντῳ ἐκάλυπεν αὐτούς κατέδυσαν εἰς βυθὸν ὡσεὶ λίθος
- 6 Seyè, fòs bra dwat ou se kokenn zafè! Seyè, fòs bra dwat ou kraze lènmi an!
Full of glory, O Lord, is the power of your right hand; by your right hand those who came against you are broken.
ἡ δεξιὰ σου κύριε δεδόξασται ἐν ἰσχύι ἡ δεξιὰ σου χεῖρ κύριε ἔθραυσεν ἐχθρούς

- 7 Jan ou gen anpil pouwva sa a, Seyè! Ou kraze moun k'ap goumen avè ou yo. Ou fè yon sèl kòlè, ou boule yo tankou dife nan pay.
When you are lifted up in power, all those who come against you are crushed: when you send out your wrath, they are burned up like dry grass.
καὶ τῷ πλήθει τῆς δόξης σου συνέτριψας τοὺς ὑπεναντίους ἀπέστειλας τὴν ὀργὴν σου καὶ κατέφαγεν αὐτοὺς ὡς καλὰμην
- 8 Nan kolè ou, ou souffle. Souf ou fè dlo a ranmase kò l'. Lanm yo kanpe dwat tankou yon miray. Dlo a vin di nan mitan lanmè a.
By your breath the waves were massed together, the flowing waters were lifted up like a pillar; the deep waters became solid in the heart of the sea.
καὶ διὰ πνεύματος τοῦ θυμοῦ σου διέστη τὸ ὕδωρ ἐπάγη ὡσεὶ τεῖχος τὰ ὕδατα ἐπάγη τὰ κύματα ἐν μέσῳ τῆς θαλάσσης
- 9 Lènmi an te di: M'ap kouri dèyè yo, m'ap pran yo. M'ap separe tout richès yo, m'ap pran tou sa m' vle. M'ap rale nepe mwen, avèk fòs ponyèt mwen, m'ap disparèt yo.
Egypt said, I will go after them, I will overtake, I will make division of their goods: my desire will have its way with them; my sword will be uncovered, my hand will send destruction on them.
εἶπεν ὁ ἐχθρὸς διώξας καταλήμψομαι μεριῶ σκῦλα ἐμπλήσω ψυχὴν μου ἀνελῶ τῇ μαχαίρῃ μου κυριεύσει ἡ χεὶρ μου
- 10 Ou annik fè yon ti van leve, lanmè a kouvri yo. Lanmè a te move, yo desann nan fon tankou plon.
You sent your wind and the sea came over them: they went down like lead into the great waters.
ἀπέστειλας τὸ πνεῦμά σου ἐκάλυπεν αὐτοὺς θάλασσα ἔδυσαν ὡσεὶ μόλιβος ἐν ὕδατι σφοδρῶ
- 11 Seyè, nan tout bondye yo, kilès ki tankou ou! Pouwva ou fè yo respekte ou! Ou se Bondye ki apa nèt! Kilès ki tankou ou? Ou menm ki fè mirak, ou menm ki fè mèyèy pou fè moun pè! Kilès ki tankou ou?
Who is like you, O Lord, among the gods? who is like you, in holy glory, to be praised with fear, doing wonders?
τίς ὁμοίός σοι ἐν θεοῖς κύριε τίς ὁμοίός σοι δεδοξασμένος ἐν ἁγίοις θαυμαστός ἐν δόξαις ποιῶν τέρατα
- 12 Ou annik lonje men dwat ou, tè a vale yo tou vivan.
When your right hand was stretched out, the mouth of the earth was open for them.
ἐξέτεινας τὴν δεξιάν σου κατέπιεν αὐτοὺς γῆ
- 13 Paske ou gen bon kè, ou mennen pèp ou delivre a, avèk fòs ponyèt ou, ou mennen yo nan peyi ki apa pou ou a.
In your mercy you went before the people whom you have made yours; guiding them in your strength to your holy place.
ὠδήγησας τῇ δικαιοσύνῃ σου τὸν λαόν σου τοῦτον ὃν ἐλυτρώσω παρεκάλεσας τῇ ἰσχύϊ σου εἰς κατάλυμα ἁγίόν σου
- 14 Lòt pèp yo pran nouvèl sa ki pase, yo pran tranble tèlman yo pè. Yon sèl vant fè mal pran moun Filisti yo.
Hearing of you the peoples were shaking in fear: the people of Philistia were gripped with pain.
ἤκουσαν ἔθνη καὶ ὠργίσθησαν ὠδίνες ἔλαβον κατοικοῦντας φυλιστιμ
- 15 Ata chèf peyi Edon yo te pè anpil. Vanyan gason peyi Moab yo pran tranble. Tout moun nan peyi Kanaran pèdi kouraj.
The chiefs of Edom were troubled in heart; the strong men of Moab were in the grip of fear: all the people of Canaan became like water.
τότε ἔσπευσαν ἡγεμόνες ἐδωμ καὶ ἄρχοντες μοαβιτῶν ἔλαβεν αὐτοὺς τρόμος ἐτάκησαν πάντες οἱ κατοικοῦντες χανααν
- 16 Yon sèl kè kase, yon sèl sezisman pran yo. Avèk fòs ponyèt ou, ou fè yo rete rèd san yo pa kapab fè anyen. Ou fè yo rete konsa jouk pèp ou a fin pase, Seyè, wi, jouk pèp ou delivre a fin pase!
Fear and grief came on them; by the strength of your arm they were turned to stone; till your people went over, O Lord, till the people went over whom you have made yours.
ἐπιέσσει ἐπ' αὐτοὺς φόβος καὶ τρόμος μεγέθει βραχιόνος σου ἀπολιθωθήτωσαν ἕως ἂν παρέλθῃ ὁ λαός σου κύριε ἕως ἂν παρέλθῃ ὁ λαός σου οὗτος ὃν ἐκτίσω
- 17 Wa mennen yo, w'a plante yo sou mòn ki pou ou a, Seyè, sou mòn kote ou pare pou kay ou a, kay ou bati pou ou a, Seyè.
You will take them in, planting them in the mountain of your heritage, the place, O Lord, where you have made your house, the holy place, O Lord, the building of your hands.
εἰσαγαγὼν καταφύτευσον αὐτοὺς εἰς ὄρος κληρονομίας σου εἰς ἔτοιμον κατοικητήριόν σου ὃ κατειργάσω κύριε ἁγίασμα κύριε ὃ ἡτοίμασαν αἱ χεῖρές σου
- 18 Seyè a ap gouvènen pou tout tan.
The Lord is King for ever and ever.
κύριος βασιλεύων τὸν αἰῶνα καὶ ἐπ' αἰῶνα καὶ ἔτι
- 19 Chwal farawon yo ansanm ak tout cha ak kavalye yo te tonbe nan lanmè. Seyè a fè dlo a tounen nan plas li. Dlo a kouvri yo tout. Men, moun pèp Izrayèl yo menm te mache nan fon lanmè a tankou sou tè sèk.
For the horses of Pharaoh, with his war-carriages and his horsemen, went into the sea, and the Lord sent the waters of the sea back over them; but the children of Israel went through the sea on dry land.
ὅτι εἰσῆλθεν ἵππος φαραῶ σὺν ἄρμασιν καὶ ἀναβάταις εἰς θάλασσαν καὶ ἐπήγαγεν ἐπ' αὐτοὺς κύριος τὸ ὕδωρ τῆς θαλάσσης οἱ δὲ υἱοὶ ἰσραηλ ἐπορεύθησαν διὰ ξηρᾶς ἐν μέσῳ τῆς θαλάσσης

- 20 Miryam, sè Arawon an, te yon pwofèt. Li pran yon tanbouren nan men l', tout medam yo t'ap mache dèyè l', yo t'ap bat tanbouren, yo t'ap danse.
And Miriam, the woman prophet, the sister of Aaron, took an instrument of music in her hand; and all the women went after her with music and dances.
λαβοῦσα δὲ μαριαμ ἡ προφῆτις ἡ ἀδελφὴ ααρων τὸ τύμπανον ἐν τῇ χειρὶ αὐτῆς καὶ ἐξήλθοσαν πᾶσαι αἱ γυναῖκες ὀπίσω αὐτῆς μετὰ τυμπάνων καὶ χορῶν
- 21 Miryam t'ap chante pou yo, li t'ap di moun pèp Izrayèl yo: Annou chante pou Seyè a! Paske li genyen yon bèl batay! Li voye chwal yo jete nan fon lanmè ak tout kavalye yo sou yo.
And Miriam, answering, said, Make a song to the Lord, for he is lifted up in glory; the horse and the horseman he has sent into the sea.
ἐξῆρχεν δὲ αὐτῶν μαριαμ λέγουσα ἤσωμεν τῷ κυρίῳ ἐνδόξως γὰρ δεδόξασται ἵππον καὶ ἀναβάτην ἔρριπεν εἰς θάλασσαν
- 22 ¶ Moyiz fè moun Izrayèl yo pati kite bò lanmè Wouj la. Yo mete tèt yo sou bò dezè Chou a. Yo t'ap mache depi twa jou nan dezè a san yo pa jwenn gout dlo pou yo bwè.
Then Moses took Israel forward from the Red Sea, and they went out into the waste land of Shur; and for three days they were in the waste land where there was no water.
ἐξῆρχεν δὲ μουσῆς τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ ἀπὸ θαλάσσης ἐρυθρᾶς καὶ ἦγαγεν αὐτοὺς εἰς τὴν ἔρημον σουρ καὶ ἐπορεύοντο τρεῖς ἡμέρας ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ οὐχ ἠύρισκον ὕδωρ ὥστε πιεῖν
- 23 Yo rive yon kote ki rele Mara. Men, yo pa t' kapab bwè dlo ki te la a, paske li te twò anmè. Se poutèt sa yo rele kote a Mara.
And when they came to Marah, the water was no good for drinking, for the waters of Marah were bitter, which is why it was named Marah.
ἦλθον δὲ εἰς μερρα καὶ οὐκ ἠδύναντο πιεῖν ἐκ μερρας πικρὸν γὰρ ἦν διὰ τοῦτο ἐπωνομάσθη τὸ ὄνομα τοῦ τόπου ἐκεῖνου πικρία
- 24 Pèp la pran bougonnen sou do Moyiz nan dezè a. Yo mande l': -Atò, kisa pou nou bwè koulye a?
And the people, crying out against Moses, said, What are we to have for drink?
καὶ διεγόγγυζεν ὁ λαὸς ἐπὶ μουσῆν λέγοντες τί πτόμεθα
- 25 Moyiz rele Seyè a, li lapriyé nan pye l'. Seyè a moutre l' yon kalite pyebwa. Moyiz lage branch bwa a nan dlo a, dlo a vin dous. Se la Seyè a te ba yo lòd ak regleman pou yo swiv. Se la li t'ap chache sonde yo.
And in answer to his prayer, the Lord made him see a tree, and when he put it into the water, the water was made sweet. There he gave them a law and an order, testing them;
ἐβόησεν δὲ μουσῆς πρὸς κύριον καὶ ἔδειξεν αὐτῷ κύριος ξύλον καὶ ἐνέβαλεν αὐτὸ εἰς τὸ ὕδωρ καὶ ἐγλυκάνθη τὸ ὕδωρ ἐκεῖ ἔθετο αὐτῷ δικαιώματα καὶ κρίσεις καὶ ἐκεῖ ἐπείρασεν αὐτὸν
- 26 Li di yo: -Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an. Si nou koute m' lè m' pale nou, si nou fè tout sa ki dwat devan mwen, si nou louvri zòrèy nou pou swiv kòmandman mwen yo, pou nou kenbe lòd mwen ban nou, mwen p'ap voye malè sou nou, jan mwen te fè moun peyi Lejip yo. Se mwen menm, Seyè a, k'ap geri nou.
And he said, If with all your heart you will give attention to the voice of the Lord your God, and do what is right in his eyes, giving ear to his orders and keeping his laws, I will not put on you any of the diseases which I put on the Egyptians: for I am the Lord your life-giver.
καὶ εἶπεν ἂν ἀκοῆ ἀκούσης τῆς φωνῆς κυρίου τοῦ θεοῦ σου καὶ τὰ ἀρεστὰ ἐναντίον αὐτοῦ ποιήσης καὶ ἐνωτίση ταῖς ἐντολαῖς αὐτοῦ καὶ φυλάξης πάντα τὰ δικαιώματα αὐτοῦ πᾶσαν νόσον ἣν ἐπήγαγον τοῖς αἰγυπτίοις οὐκ ἐπάξω ἐπὶ σέ ἐγὼ γὰρ εἰμι κύριος ὁ ἰωμενός σε
- 27 Apre sa, yo rive Elim, yon kote ki te gen douz sous dlo ak swasanndis pye dat. Yo rete la, yo moute tant yo bò dlo a.
And they came to Elim where there were twelve water-springs and seventy palm-trees: and they put up their tents there by the waters.
καὶ ἦλθοσαν εἰς αἰλιμ καὶ ἦσαν ἐκεῖ δώδεκα πηγαὶ ὕδατων καὶ ἑβδομήκοντα στελέχη φοινίκων παρενέβαλον δὲ ἐκεῖ παρὰ τὰ ὕδατα
- 1 ¶ Apre sa, tout moun pèp Izrayèl yo pati kite Elim, yo rive nan dezè yo rele Sin lan, ant Elim ak mòn Sinai. Lè yo rive la, yo te gen yon mwa kenz jou depi yo te pati kite Lejip.
And they went on their way from Elim, and all the children of Israel came into the waste land of Sin, which is between Elim and Sinai, on the fifteenth day of the second month after they went out of the land of Egypt.
ἀπήρσαν δὲ ἐξ αἰλιμ καὶ ἦλθοσαν πᾶσα συναγωγὴ υἱῶν ἰσραηλ εἰς τὴν ἔρημον σιν ὃ ἐστὶν ἀνά μέσον αἰλιμ καὶ ἀνά μέσον σινα τῇ δὲ πεντεκαιδεκάτῃ ἡμέρᾳ τῷ μηνὶ τῷ δευτέρῳ ἐξέληλυθότων αὐτῶν ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 2 Yo tout pran bougonnen sou do Moyiz ak Arawon nan dezè a.
And all the children of Israel were crying out against Moses and Aaron in the waste land:
διεγόγγυζεν πᾶσα συναγωγὴ υἱῶν ἰσραηλ ἐπὶ μουσῆν καὶ ααρων
- 3 Yo t'ap di yo: -Poukisa Seyè a pa t' tou touye nou nan peyi Lejip la? Lè sa a, nou te konn chita devan bòl vyann nou, nou te konn manje pen plen vant nou. Men, ou menm ak Arawon, nou mennen nou nan dezè sa a pou fè tout kantite moun sa yo mouri grangou.
And the children of Israel said to them, It would have been better for the Lord to have put us to death in the land of Egypt, where we were seated by the flesh-pots and had bread enough for our needs; for you have taken us out to this waste of sand, to put all this people to death through need of food.
καὶ εἶπαν πρὸς αὐτοὺς οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ὄφελον ἀπεθάναμεν πληγέντες ὑπὸ κυρίου ἐν γῇ αἰγύπτῳ ὅταν ἐκαθίσταμεν ἐπὶ τῶν λεβήτων τῶν κρεῶν καὶ ἠσθίομεν ἄρτους εἰς πλησμονὴν ὅτι ἐξηγάγετε ἡμᾶς εἰς τὴν ἔρημον ταύτην ἀποκτεῖναι πᾶσαν τὴν συναγωγὴν ταύτην ἐν λιμῷ

- 4 Seyè a di Moyiz konsa: -Mwen pral fè pen tonbe soti nan syèl la pou nou tankou grenn lapli. Pèp la va soti chak jou pou l' ranmase mezi li bezwen pou jounen an. Konsa, m'a gade pou m' wè si wi ou non yo vle mache sou lòd mwen vre.
Then the Lord said to Moses, See, I will send down bread from heaven for you; and the people will go out every day and get enough for the day's needs; so that I may put them to the test to see if they will keep my laws or not.
εἶπεν δὲ κύριος πρὸς Μωϋσῆν ἰδοὺ ἐγὼ ὄψω ὑμῖν ἄρτους ἐκ τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἐξελεύσεται ὁ λαὸς καὶ συλλέξουσιν τὸ τῆς ἡμέρας εἰς ἡμέραν ὅπως πειράσω αὐτοὺς εἰ πορεύσονται τῷ νόμῳ μου ἢ οὐ
- 5 Chak sizyèm jou nan senmenn lan, y'a ranmase de fwa lavalè sa yo konn ranmase lòt jou yo, y'a pare mete la.
And on the sixth day they are to make ready what they get in, and it will be twice as much as they get on the other days.
καὶ ἔσται τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑκτῇ καὶ ἑτοιμάσουσιν ὃ ἐὰν εἰσενέγκωσιν καὶ ἔσται διπλοῦν ὃ ἐὰν συναγάγωσιν τὸ καθ' ἡμέραν εἰς ἡμέραν
- 6 Moyiz ak Arawon di tout moun pèp Izrayèl yo: -Aswè a n'a konnen se Seyè a ki te fè nou pati kite peyi Lejip.
And Moses and Aaron said to all the children of Israel, This evening it will be clear to you that it is the Lord who has taken you out of the land of Egypt:
καὶ εἶπεν Μωϋσῆς καὶ Ααρων πρὸς πᾶσαν συναγωγὴν υἱῶν Ἰσραὴλ ἐσπέρας γνώσεσθε ὅτι κύριος ἐξήγαγεν ὑμᾶς ἐκ γῆς Αἰγύπτου
- 7 Denmen maten, n'a wè ki kalite pouvwa Seyè a genyen. Li tande jan n'ap bougonnen sou do li. Paske mwen menm ak Arawon, kisa nou ye pou se sou nou n'ap bougonnen konsa? Se sou Bondye n'ap bougonnen.
And in the morning you will see the glory of the Lord; for your angry words against the Lord have come to his ears: and what are we that you are crying out against us?
καὶ πρωὶ ὄψεσθε τὴν δόξαν κυρίου ἐν τῷ εἰσακοῦσαι τὸν γογγυσμὸν ὑμῶν ἐπὶ τῷ θεῷ ἡμεῖς δὲ τί ἐσμεν ὅτι διαγογγύζετε καθ' ἡμῶν
- 8 Apre sa, Moyiz di yo: -Se Seyè a k'ap ban nou vyann pou nou manje chak swa. Se li k'ap ban nou kantite pen nou bezwen chak maten, paske Seyè a tande tout bougonnen n'ap bougonnen sou li a. Nou menm, kisa nou ye? Se pa sou nou n'ap bougonnen, men se sou Seyè a n'ap bougonnen.
And Moses said, The Lord will give you meat for your food at evening, and in the morning bread in full measure; for your outcry against the Lord has come to his ears: for what are we? your outcry is not against us but against the Lord.
καὶ εἶπεν Μωϋσῆς ἐν τῷ διδόναι κύριον ὑμῖν ἐσπέρας κρέα φαγεῖν καὶ ἄρτους τὸ πρωὶ εἰς πλησμονὴν διὰ τὸ εἰσακοῦσαι κύριον τὸν γογγυσμὸν ὑμῶν ὃν ὑμεῖς διαγογγύζετε καθ' ἡμῶν ἡμεῖς δὲ τί ἐσμεν οὐ γὰρ καθ' ἡμῶν ὁ γογγυσμὸς ὑμῶν ἔστιν ἀλλ' ἢ κατὰ τοῦ θεοῦ
- 9 Lè sa a Moyiz di Arawon: -Men sa pou ou di tout moun pèp Izrayèl yo: Pwoche vin devan Seyè a paske li tande jan n'ap plenyen an.
And Moses said to Aaron, Say to all the people of Israel, Come near before the Lord for he has given ear to your outcry.
εἶπεν δὲ Μωϋσῆς πρὸς Ααρων εἰπὼν πάσῃ συναγωγῇ υἱῶν Ἰσραὴλ προσέλθατε ἐναντίον τοῦ θεοῦ εἰσακήκοεν γὰρ ὑμῶν τὸν γογγυσμὸν
- 10 Pandan Arawon t'ap pale ak tout moun pèp Izrayèl yo, yo vire tèt yo bò dezè a, yo wè pouvwa Bondye a parèt nan nwaj la.
And while Aaron was talking to the children of Israel, their eyes were turned in the direction of the waste land, and they saw the glory of the Lord shining in the cloud.
ἠνίκα δὲ ἐλάλει Ααρων πάσῃ συναγωγῇ υἱῶν Ἰσραὴλ καὶ ἐπεστράφησαν εἰς τὴν ἔρημον καὶ ἠδόξα κυρίου ὄφθη ἐν νεφέλῃ
- 11 Seyè a di Moyiz:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς Μωϋσῆν λέγων
- 12 -Mwen tande jan moun pèp Izrayèl yo ap plenyen. Men sa pou ou di yo: Aswè a, anvan li fin fè nwa, n'a gen vyann pou nou manje. Denmen maten, n'a gen pen kantite nou bezwen. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm, Seyè a, ki Bondye nou.
The outcry of the children of Israel has come to my ears: say to them now, At nightfall you will have meat for your food, and in the morning bread in full measure; and you will see that I am the Lord your God.
εἰσακήκοα τὸν γογγυσμὸν τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ λάλησον πρὸς αὐτοὺς λέγων τὸ πρὸς ἐσπέραν ἔδεσθε κρέα καὶ τὸ πρωὶ πλησθήσεσθε ἄρτων καὶ γνώσεσθε ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 13 ¶ Nan aswè, zòtolan vini, yo kouvri tout kote yo te moute tant yo a. Nan maten, te gen yon kouch lawouze toutalantou kote pèp la te moute tant yo a.
And it came about that in the evening little birds came up and the place was covered with them: and in the morning there was dew all round about the tents.
ἐγένετο δὲ ἐσπέρα καὶ ἀνέβη ὄρτυγομήτρα καὶ ἐκάλυψεν τὴν παρεμβολὴν τὸ πρωὶ ἐγένετο καταπαυομένης τῆς δρόσου κύκλῳ τῆς παρεμβολῆς
- 14 Lè lawouze a disparèt, li kite yon kwout tou blan atè nan dezè a. Kwout la te fen, li te plen ti grenn tankou sèl, li te kouvri tout atè a.
And when the dew was gone, on the face of the earth was a small round thing, like small drops of ice on the earth.
καὶ ἰδοὺ ἐπὶ πρόσωπον τῆς ἐρήμου λεπτὸν ὡσεὶ κόριον λευκὸν ὡσεὶ πάγος ἐπὶ τῆς γῆς
- 15 Lè moun pèp Izrayèl yo wè sa, yo pa t' konn sa l' te ye. Yonn t'ap di lòt: -Sa sa ye sa? Moyiz di yo: -Sa a, se pen Seyè a ban nou pou nou manje.
And when the children of Israel saw it, they said to one another, What is it? for they had no idea what it was. And Moses said to them, It is the bread which the Lord has given you for your food.
ἰδόντες δὲ αὐτὸ οἱ υἱοὶ Ἰσραὴλ εἶπαν ἕτερος τῷ ἑτέρῳ τί ἐστὶν τοῦτο οὐ γὰρ ᾔδεισαν τί ἦν εἶπεν δὲ Μωϋσῆς πρὸς αὐτοὺς οὗτος ὁ ἄρτος ὃν ἔδωκεν κύριος ὑμῖν φαγεῖν

- 16 Men lòd Seyè a ban nou: Se pou chak moun ranmase mezi yo bezwen pou kantite moun ki lakay yo. N'a ranmase twa ti mamit edmi pou chak moun.
This is what the Lord has said, Let every man take up as much as he has need of; at the rate of one omer for every person, let every man take as much as is needed for his family.
τοῦτο τὸ ῥῆμα ὁ συνέταξεν κύριος συναγάγετε ἀπ' αὐτοῦ ἕκαστος εἰς τοὺς καθήκοντας γομορ κατὰ κεφαλὴν κατὰ ἀριθμὸν ψυχῶν ὑμῶν ἕκαστος σὺν τοῖς συσκηνίοις ὑμῶν συλλέξατε
- 17 Moun pèp Izrayèl yo fè sa Moyiz te di yo fè a. Gen moun ki te ranmase plis, gen lòt ki te ranmase pi piti.
And the children of Israel did so, and some took more and some less.
ἐποίησαν δὲ οὕτως οἱ υἱοὶ Ἰσραὴλ καὶ συνέλεξαν ὁ τὸ πολὺ καὶ ὁ τὸ ἕλαττον
- 18 Men, lè yo mezire, sa ki te ranmase plis yo pa t' gen twòp, sa ki te ranmase pi piti yo pa t' manke anyen. Konsa, chak moun te ranmase mezi yo te bezwen pou yo manje.
And when it was measured, he who had taken up much had nothing over, and he who had little had enough; every man had taken what he was able to make use of.
And Aaron's holy robes will be used by his sons after him; they will put them on when they are made priests.
καὶ ἡ στολὴ τοῦ ἁγίου ἣ ἐστιν ααρων ἔσται τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ μετ' αὐτὸν χρῆσθῆναι αὐτοὺς ἐν αὐτοῖς καὶ τελειῶσαι τὰς χεῖρας αὐτῶν
- 30 Pitit Arawon ki va pran plas Arawon nan sèvis Seyè a va mete rad yo sou li pandan sèt jou, epi l'a antre nan tant lan pou fè sèvis li nan kote ki apa pou Bondye a.
For seven days the son who becomes priest in his place will put them on when he comes into the Tent of meeting to do the work of the holy place.
ἐπὶ ἡμέρας ἐνδύσεται αὐτὰ ὁ ἱερεὺς ὃ ἀντ' αὐτοῦ τῶν υἱῶν αὐτοῦ ὃς εἰσελεύσεται εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου λειτουργεῖν ἐν τοῖς ἁγίοις
- 31 W'a pran belye mouton ki te sèvi nan sèvis pou mete apa a, w'a fè kwit vyann li yon kote ki apa pou Bondye.
Then take the sheep of the wave offering and let its flesh be cooked in water in a holy place.
καὶ τὸν κριὸν τῆς τελειώσεως λήμψη καὶ ἐνήσεις τὰ κρέα ἐν τόπῳ ἁγίῳ
- 32 Arawon ak pitit gason l' yo va manje vyann belye a ansanm ak pen ki nan panyen an. y'a rete bò pòt devan Tant Randevou a.
And let Aaron and his sons make a meal of it, with the bread in the basket, at the door of the Tent of meeting.
καὶ ἔδονται ααρων καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ τὰ κρέα τοῦ κριοῦ καὶ τοὺς ἄρτους τοὺς ἐν τῷ κανῷ παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου
- 33 y'a manje manje ki te sèvi nan sèvis yo fè pou mande Bondye padon pou peche yo fè san yo pa konnen, sèvis yo te fè lè yo t'ap mete yo apa, lè yo t'ap resevwa pouvwa pou fè sèvis Bondye a. Se prèt yo ase ki ka manje manje sa yo, paske se manje yo mete apa pou Bondye.
All those things which were used as offerings to take away sin, and to make them holy to be priests, they may have for food: but no one who is not a priest may have them, for they are holy food.
ἔδονται αὐτὰ ἐν οἷς ἡγιάσθησαν ἐν αὐτοῖς τελειῶσαι τὰς χεῖρας αὐτῶν ἀγιάσαι αὐτούς καὶ ἀλλογενῆς οὐκ ἔδεται ἀπ' αὐτῶν ἔστιν γὰρ ἅγια

- 34 Si gen rès nan vyann lan ak nan pen an ki rete apre yo fin manje, nan denmen maten w'a boule l' nan dife. Piga pesonn manje li, paske se manje yo mete apa pou Bondye.
And if any of the flesh of the offering or of the bread is over till the morning, let it be burned with fire; it is not to be used for food, for it is holy.
 ἐὰν δὲ καταλειφθῇ ἀπὸ τῶν κρεῶν τῆς θυσίας τῆς τελειώσεως καὶ τῶν ἄρτων ἕως πρωὶ κατακαύσεις τὰ λοιπὰ πυρὶ οὐ βρωθήσεται ἅγιασμα γὰρ ἐστὶν
- 35 W'a fè tou sa m' te ba ou lòd fè pou Arawon ansanm ak pitit gason l' yo. W'a pase sèt jou ap fè sèvis pou mete yo apa pou sèvis mwen.
All these things you are to do to Aaron and his sons as I have given you orders: for seven days the work of making them priests is to go on.
 καὶ ποιήσεις ααρων καὶ τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ οὕτως κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλαμην σοι ἐπὶ ἡμέρας τελειώσεις αὐτῶν τὰς χεῖρας
- 36 Chak jou, w'a ofri yon towò bèf, w'a touye l' pou mande Bondye padon pou peche yo fè san yo pa konnen. Avèk ofrann bèt sa a w'ap fè pou peche a, w'a mete lòtèl la nan kondisyon pou l' sèvi nan sèvis Bondye. Lèfini, w'a vide lwil sou li, w'a mete l' apa pou sèvis Bondye.
Every day an ox is to be offered as a sin-offering, to take away sins: and by this offering on it, you will make the altar clean from sin; and you are to put oil on it and make it holy.
 καὶ τὸ μοσχάριον τῆς ἁμαρτίας ποιήσεις τῇ ἡμέρᾳ τοῦ καθαρισμοῦ καὶ καθαρῆεις τὸ θυσιαστήριον ἐν τῷ ἀγιάζεις σε ἐπ' αὐτῷ καὶ χρίσεις αὐτὸ ὡστε ἁγιάσαι αὐτό
- 37 Pandan sèt jou, w'a fè ofrann bèt pou peche yo fè san yo pa konnen an sou lòtèl la. Konsa w'a mete lòtèl la apa pou sèvis Bondye a. Konsa, lòtèl la va apa nèt pou Bondye. Tout moun ki va manyen lòtèl la, ak tout bagay ki va an kontak ak lòtèl la va tounen bagay yo mete apa pou Bondye tou.
For seven days you are to make offerings for the altar and make it holy, so that it may become completely holy, and anything touching it will become holy.
 ἐπὶ ἡμέρας καθαρῆεις τὸ θυσιαστήριον καὶ ἁγιάσεις αὐτὸ καὶ ἔσται τὸ θυσιαστήριον ἅγιον τοῦ ἀγίου πᾶς ὁ ἀπτόμενος τοῦ θυσιαστηρίου ἁγιασθήσεται
- 38 ¶ Men sa ou gen pou ofri sou lòtèl la: Chak jou, san sote yon jou, w'a ofri de ti mouton ki poko gen ennan bay Bondye.
Now this is the offering which you are to make on the altar: two lambs in their first year, every day regularly.
 καὶ ταυτὰ ἐστὶν ἃ ποιήσεις ἐπὶ τοῦ θυσιαστηρίου ἀμνοὺς ἐνιαυσίους ἀμώμους δύο τὴν ἡμέραν ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον ἐνδελεχῶς κάρπωμα ἐνδελεχισμοῦ
- 39 W'a ofri yonn nan mouton yo nan maten, lòt la nan aswè anvan li fin fè nwa nèt.
One lamb is to be offered in the morning and the other in the evening:
 τὸν ἀμνὸν τὸν ἕνα ποιήσεις τὸ πρωὶ καὶ τὸν ἀμνὸν τὸν δεύτερον ποιήσεις τὸ δειλινόν
- 40 Avèk premye ti mouton an, w'a ofri sèt ti mamit farin frans melanje ak yon lit edmi bon lwil oliv fèt nan moulen. W'a pran yon lit edmi diven pou ofri pou bwason ak manje a.
And with the one lamb, a tenth part of an ephah of the best meal, mixed with a fourth part of a hin of clear oil; and the fourth part of a hin of wine for a drink offering.
 καὶ δέκατον σεμιδάλεως πεφυραμένης ἐν ἐλαίῳ κεκομμένῳ τῷ τετάρτῳ τοῦ ἰν καὶ σπονδὴν τὸ τέταρτον τοῦ ἰν οἴνου τῷ ἀμνῷ τῷ ἐνί
- 41 W'a touye dezyèm ti mouton an aswè. W'a ofri ansanm avè l' menm manje ak menm bwason ou te ofri nan maten an. W'a boule tout bagay sa yo nèt nan dife. Se va yon ofrann bèt k'ap fè Seyè a plezi ak bon sant li.
And the other lamb is to be offered in the evening, and with it the same meal offering and drink offering, for a sweet smell, an offering made by fire to the Lord.
 καὶ τὸν ἀμνὸν τὸν δεύτερον ποιήσεις τὸ δειλινόν κατὰ τὴν θυσίαν τὴν πρωινήν καὶ κατὰ τὴν σπονδὴν αὐτοῦ ποιήσεις εἰς ὄσμην εὐωδίας κάρπωμα κυρίῳ
- 42 Ofrann nan dife sa a, yo gen pou yo fè l' tout tan devan mwen, de pitit an pitit nan papòt Tant Randevou a. Se la mwen menm Seyè a, m'ap kontre ak pèp mwen an pou m' pale ak yo.
This is to be a regular burned offering made from generation to generation, at the door of the Tent of meeting before the Lord, where I will come face to face with you and have talk with you.
 θυσίαν ἐνδελεχισμοῦ εἰς γενεὰς ὑμῶν ἐπὶ θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου ἔναντι κυρίου ἐν οἷς γνωσθήσομαί σοι ἐκεῖθεν ὡστε λαλήσαι σοι
- 43 Se la m'ap kontre pèp Izrayèl la. Avèk pouwva mwen, m'ap mete kote sa a apa pou mwen.
There I will come face to face with the children of Israel, and the Tent will be made holy by my glory
 καὶ τάξομαι ἐκεῖ τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ ἁγιασθήσομαι ἐν δόξῃ μου
- 44 M'ap mete Tant Randevou a apa pou sèvis mwen. M'ap fè menm bagay la tou pou lòtèl la. M'ap mete Arawon ak pitit gason l' yo apa pou mwen pou yo ka sèvi m' prèt.
I will make holy the Tent of meeting and the altar: and Aaron and his sons I will make holy, to be my priests
 καὶ ἁγιάσω τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου καὶ τὸ θυσιαστήριον καὶ ααρων καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ ἁγιάσω ἱερατεύειν μοι
- 45 M'ap rete nan mitan pèp Izrayèl la, se mwen menm ki va Bondye yo.
Among the children of Israel I will make my living-place, and I will be their God.
 καὶ ἐπικληθήσομαι ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ ἔσομαι αὐτῶν θεός
- 46 y'a konnen se mwen menm ki Seyè a, Bondye yo a, se mwen menm ki te fè yo soti kite peyi Lejip pou m' te kapab rete nan mitan yo. Se mwen ki Seyè a, Bondye yo a.
And they will see that I am the Lord their God, who took them out of the land of Egypt, so that I might be ever with them: I am the Lord their God.
 καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεός αὐτῶν ὁ ἐξαγαγὼν αὐτοὺς ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐπικληθῆναι αὐτοῖς καὶ θεός εἶναι αὐτῶν

- 1 ¶ W'a fè yon lòtèl an bwa zakasya pou boule lansan.
And you are to make an altar for the burning of perfume; of hard wood let it be made.
καὶ ποιήσεις θυσιαστήριον θυμιάματος ἐκ ξύλων ἀσήπτων καὶ ποιήσεις αὐτὸ
- 2 W'a fè l' kare kare. L'a mezire dizwit pous longè, dizwit pous lajè ak trannsis pous wotè. Kat pwent ki depase yo va fè yon sèl pyès avèk lòtèl la. Se va kòn lòtèl la.
The altar is to be square, a cubit long and a cubit wide, and two cubits high, and its horns are to be made of the same.
πίχκος τὸ μήκος καὶ πῆχος τὸ εὖρος τετράγωνον ἔσται καὶ δύο πήχεων τὸ ὕψος ἐξ αὐτοῦ ἔσται τὰ κέρατα αὐτοῦ
- 3 W'a kouvri tout anwo lòtèl la, kat kote l' yo ansanm ak kat kòn li yo ak pi bon kalite lò ki genyen. W'a fè yon bòdi an lò tout arebò l'.
It is to be plated with the best gold, the top of it and the sides and the horns, with an edging of gold all round it.
καὶ καταχρυσώσεις αὐτὰ χρυσίῳ καθαρῷ τὴν ἐσχάραν αὐτοῦ καὶ τοὺς τοίχους αὐτοῦ κύκλῳ καὶ τὰ κέρατα αὐτοῦ καὶ ποιήσεις αὐτῷ στρεπτήν στεφάνην χρυσὴν κύκλῳ
- 4 W'a fè de bag an lò, w'a tache yo anba bòdi a sou de bò lòtèl la. Se nan bag sa yo w'a pase manch ki pou sèvi pou pote lòtèl la.
Under the edge on the two opposite sides, you are to make two gold rings, to take the rods for lifting it.
καὶ δύο δακτυλίους χρυσοῦς καθαροῦς ποιήσεις ὑπὸ τὴν στρεπτήν στεφάνην αὐτοῦ εἰς τὰ δύο κλίτη ποιήσεις ἐν τοῖς δυοὶ πλευροῖς καὶ ἔσσονται ψαλίδες ταῖς σκυτάλαις ὥστε αἶρειν αὐτὸ ἐν αὐταῖς
- 5 W'a fè manch yo an bwa zakasya, epi w'a kouvri yo ak lò.
And make these rods of the same wood, plating them with gold.
καὶ ποιήσεις σκυτάλας ἐκ ξύλων ἀσήπτων καὶ καταχρυσώσεις αὐτὰς χρυσίῳ
- 6 W'a mete lòtèl la devan rido ki pann devan Bwat Kontra a avèk kouvèti li sou li. Se la m'a vin jwenn ou.
And let it be placed in front of the veil before the ark of the law, before the cover which is over the law, where I will come face to face with you.
καὶ θήσεις αὐτὸ ἀπέναντι τοῦ καταπετάματος τοῦ ὄντος ἐπὶ τῆς κιβωτοῦ τῶν μαρτυρίων ἐν οἷς γνωσθήσομαί σοι ἐκεῖθεν
- 7 Arawon va boule lansan bon sant sou li chak maten lè l'ap netwaye lanp yo.
And on this altar sweet spices are to be burned by Aaron every morning when he sees to the lights.
καὶ θυμιάσει ἐπ' αὐτοῦ ααρων θυμίαμα σύνθετον λεπτόν τὸ πρωὶ πρωὶ ὅταν ἐπισκευάζῃ τοὺς λύχνους θυμιάσει ἐπ' αὐτοῦ
- 8 L'a boule lansan tou chak swa lè l'ap ranje lanp yo. Se pou yo toujou fè ofrann lansan sa a devan lòtèl Seyè a, chak jou san sote yonn, de pitit an pitit.
And every evening, when he puts the lights up in their places, the spices are to be burned, a sweet-smelling smoke going up before the Lord from generation to generation for ever.
καὶ ὅταν ἐξάπτῃ ααρων τοὺς λύχνους ὄψε θυμιάσει ἐπ' αὐτοῦ θυμίαμα ἐνδεδελεχισμοῦ διὰ παντὸς ἔναντι κυρίου εἰς γενεὰς αὐτῶν
- 9 Se pa pou nou ofri sou lòtèl la lansan ki pa fèt tout espre pou sèvis la, ni vyann bèt ki fèt pou boule, ni lòt manje. Ni se pa pou nou ofri ankenn bwason sou li non plis.
No strange perfume, no burned offering or meal offering, and no drink offering is to be offered on it.
καὶ οὐκ ἀνοίσεις ἐπ' αὐτοῦ θυμίαμα ἕτερον κάρπωμα θυσίαν καὶ σπονδὴν οὐ σπείσεις ἐπ' αὐτοῦ
- 10 Yon fwa chak lanne, Arawon va fè yon seremoni sou kòn lòtèl la pou Bondye ka fè gras. Yon fwa chak lanne, avèk san bèt yo touye pou mande padon pou peche a, l'a mande gras pou lòtèl la. Se pou yo toujou fè sa de pitit an pitit. Lòtèl sa a, se yon lòtèl ki fèt pou yo mete apa nèt pou Seyè a.
And once every year Aaron is to make its horns clean: with the blood of the sin-offering he is to make it clean once every year from generation to generation: it is most holy to the Lord.
καὶ ἐξιλάσεται ἐπ' αὐτὸ ααρων ἐπὶ τῶν κεράτων αὐτοῦ ἅπαξ τοῦ ἐνιαυτοῦ ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ καθαρισμοῦ τῶν ἁμαρτιῶν τοῦ ἐξιλασμοῦ ἅπαξ τοῦ ἐνιαυτοῦ καθαριεῖ αὐτὸ εἰς τὰς γενεὰς αὐτῶν ἅγιον τῶν ἁγίων ἔστιν κυρίῳ
- 11 ¶ Seyè a di Moyiz:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 12 -Lè n'ap konte konbe moun ki genyen nan peyi Izrayèl la pou nou fè resansman, chak gason va bay Seyè a kichòy pou lavi yo, pou malè pa rive lè y'ap fè resansman an.
When you are taking the number of the children of Israel, let every man who is numbered give to the Lord a price for his life, so that no disease may come on them when they are numbered.
ἐὰν λάβῃς τὸν συλλογισμὸν τῶν υἱῶν ἰσραηλ ἐν τῇ ἐπισκοπῇ αὐτῶν καὶ δώσουσιν ἕκαστος λύτρα τῆς ψυχῆς αὐτοῦ τῷ κυρίῳ καὶ οὐκ ἔσται ἐν αὐτοῖς πτώσις ἐν τῇ ἐπισκοπῇ αὐτῶν
- 13 Chak moun y'a konte nan resansman an va peye de goud edmi, dapre jan yo konte lajan nan kote ki apa pou Bondye a. Chak moun va peye sa tankou yon ofrann yo mete apa pou Seyè a.
And this is what they are to give; let every man who is numbered give half a shekel, by the scale of the holy place: (the shekel being valued at twenty gerahs): this money is an offering to the Lord.
καὶ τοῦτό ἐστιν ὃ δώσουσιν ὅσοι ἂν παραπορεύωνται τὴν ἐπίσκεψιν τὸ ἥμισυ τοῦ διδράχμου ὃ ἐστιν κατὰ τὸ δίδραχμον τὸ ἅγιον εἴκοσι ὀβολοὶ τὸ δίδραχμον τὸ δὲ ἥμισυ τοῦ διδράχμου εἰσφορά κυρίῳ

- 14 Tout moun ki dwe bay non yo nan resansman an, sa vle di tout moun ki gen ventan osinon ki depase ventan, va peye menm lajan an bay Seyè a.
Everyone who is numbered, from twenty years old and over, is to give an offering to the Lord.
πᾶς ὁ παραπορευόμενος εἰς τὴν ἐπίσκεψιν ἀπὸ εἰκοσαετοῦς καὶ ἐπάνω δώσουσιν τὴν εἰσφορὰν κυρίῳ
- 15 Moun ki rich p'ap peye plis, ni moun ki pòn p'ap peye mwens, lè y'ap peye lajan an bay Seyè a pou lavi yo.
The man of wealth is to give no more and the poor man no less than the half-shekel of silver, when the offering is made to the Lord as the price for your lives.
ὁ πλουτῶν οὐ προσθήσει καὶ ὁ πενόμενος οὐκ ἐλαττονήσει ἀπὸ τοῦ ἡμίσεος τοῦ διδράχμου ἐν τῷ διδόναι τὴν εἰσφορὰν κυρίῳ ἐξιλάσασθαι περὶ τῶν ψυχῶν ὑμῶν
- 16 W'a resewva lajan sa a nan men pèp la, w'a depanse l' pou sèvis Tant Randevou a. Sa va sèvi pou Seyè a pa janm bliye pèp Izrayèl la. Se va bagay y'a peye pou sove lavi yo.
And you are to take this money from the children of Israel to be used for the work of the Tent of meeting, to keep the memory of the children of Israel before the Lord and to be the price of your lives.
καὶ λήμψη τὸ ἀργύριον τῆς εἰσφορᾶς παρὰ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ καὶ δώσεις αὐτὸ εἰς κάτεργον τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἔσται τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ μνημόσυνον ἔναντι κυρίου ἐξιλάσασθαι περὶ τῶν ψυχῶν ὑμῶν
- 17 ¶ Seyè a di Moyiz konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 18 -W'a fè yon gwo basen an kwiv avèk yon pye an kwiv tou. W'a mete l' ant Tant Randevou a ak lòtèl la. W'a mete dlo ladan l'.
You are to make a brass washing-vessel, with a brass base; and put it between the Tent of meeting and the altar, with water in it;
ποίησον λουτήρα χαλκοῦν καὶ βάσιν αὐτῷ χαλκῆν ὥστε νίπτεσθαι καὶ θήσεις αὐτὸν ἀνὰ μέσον τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ θυσιαστηρίου καὶ ἐκχεεῖς εἰς αὐτὸν ὕδωρ
- 19 Arawon ak pitit gason l' yo va sèvi ak dlo sa a pou yo lave men yo ak pye yo.
That it may be used by Aaron and his sons for washing their hands and feet;
καὶ νίπεται ααρων καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ ἐξ αὐτοῦ τὰς χεῖρας καὶ τοὺς πόδας ὕδατι
- 20 Lè y'ap antre nan Tant Randevou a, y'a lave men yo ak pye yo nan dlo sa a. y'a fè menm jan an tou lè y'ap pwoche bò lòtèl la pou fè sèvis pou ofri Seyè a bèt ki fèt pou boule nèt nan dife a pou li.
Konsa, yo p'ap mourì.
Whenever they go into the Tent of meeting they are to be washed with water, to keep them from death; and whenever they come near to do the work of the altar, or to make an offering by fire to the Lord,
ὅταν εἰσπορεύονται εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου νίπονται ὕδατι καὶ οὐ μὴ ἀποθάνωσιν ἢ ὅταν προσπορεύονται πρὸς τὸ θυσιαστήριον λειτουργεῖν καὶ ἀναφέρειν τὰ ὀλοκαυτώματα κυρίῳ
- 21 Wi, se pou yo lave men yo ak pye yo pou yo pa mourì. Se yon lòd pou Arawon, pou pitit gason l' yo ak pitit pitit k'ap vin apre yo, lòd pou yo toujou swiv, de pitit an pitit.
Their hands and feet are to be washed, so that they may be safe from death: this is an order to them for ever; to him and his seed from generation to generation.
νίπονται τὰς χεῖρας καὶ τοὺς πόδας ὕδατι ὅταν εἰσπορεύονται εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου νίπονται ὕδατι ἵνα μὴ ἀποθάνωσιν καὶ ἔσται αὐτοῖς νόμιμον αἰῶνιον αὐτῷ καὶ ταῖς γενεαῖς αὐτοῦ μετ' αὐτόν
- 22 ¶ Seyè a di Moyiz ankò:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 23 -Pran pi bon plant santi bon ki genyen: ven liv lami, dis liv kannèl bon kalite, dis liv fèy sitwonèl,
Take the best spices, five hundred shekels' weight of liquid myrrh, and of sweet cinnamon half as much, that is, two hundred and fifty shekels, and two hundred and fifty shekels of sweet calamus,
καὶ σὺ λαβὲ ἡδύσματα τὸ ἄνθος συμύρης ἐκλεκτῆς πεντακοσίους σίκλους καὶ κινναμώμου εὐώδους τὸ ἡμισυ τούτου διακοσίους πενήτηκοντα καὶ καλάμου εὐώδους διακοσίους πενήτηκοντα
- 24 ven liv kas. W'a mezire yo dapre mezi yo sèvi nan kote ki apa pou Bondye a. W'a pran tou senk ka lwil oliv.
And of cassia, five hundred shekels' weight measured by the scale of the holy place, and of olive oil a hin:
καὶ ἴρεως πεντακοσίους σίκλους τοῦ ἁγίου καὶ ἔλαιον ἐξ ἐλαίων ἰν
- 25 Avèk tou sa, w'a fè yon lwil jan moun ki konn fè odè a fè. Lwil sa a va sèvi pou mete moun apa pou sèvis Bondye. Se avèk lwil sa a w'a sèvi pou mete moun osinon nenpòt bagay apa pou sèvis Bondye.
And make these into a holy oil, a perfume made by the art of the perfume-maker; it is to be a holy oil.
καὶ ποιήσεις αὐτὸ ἔλαιον χρίσμα ἅγιον μύρον μυρεψικὸν τέχνη μυρεψοῦ ἔλαιον χρίσμα ἅγιον ἔσται
- 26 W'a voye lwil la sou Tant Randevou a, sou Bwat Kontra a,
This oil is to be put on the Tent of meeting, and on the ark of the law,
καὶ χρίσεις ἐξ αὐτοῦ τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου καὶ τὴν κιβωτὸν τοῦ μαρτυρίου

- 27 sou tab la ak tout bagay ki sèvi sou tab la, sou lanp sèt branch lan ak tout bagay ki sèvi ak li, sou lòtèl lansan an,
And on the table and all its vessels, and on the support for the lights, with its vessels, and on the altar for burning spices,
 και την λυχνίαν και πάντα τὰ σκεύη αὐτῆς και τὸ θυσιαστήριον τοῦ θυμιάματος
- 28 sou lòtèl kote yo boule ofrann yo ak sou tout bagay ki sèvi sou li, sou basen lan ak tout pye l'.
And on the altar of burned offerings with its vessels, and on the washing-vessel and its base.
 και τὸ θυσιαστήριον τῶν ὀλοκαυτωμάτων και πάντα αὐτοῦ τὰ σκεύη και τὴν τράπεζαν και πάντα τὰ σκεύη αὐτῆς και τὸν λουτήρα και τὴν βάσιν αὐτοῦ
- 29 Se konsa w'a mete tout bagay sa yo apa pou mwen pou yo ka pou mwen ase. Tout bagay ki va touche ak yo va apa pou mwen tou.
And you are to make them most holy; anything touching them will become holy.
 και ἀγιάσεις αὐτά και ἔσται ἅγια τῶν ἁγίων πᾶς ὁ ἀπτόμενος αὐτῶν ἀγιασθήσεται
- 30 Lèfini, w'a vide lwil la sou Arawon ak sou pitit gason l' yo. Konsa w'a mete yo apa pou yo ka sèvi m' prèt.
And put the oil on Aaron and his sons, making them holy to do the work of priests to me.
 και ααρων και τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ χρίσεις και ἀγιάσεις αὐτοὺς ἱερατεύειν μοι
- 31 W'a pale ak pitit Izrayèl yo, w'a di yo: Nou wè lwil sa a, se ak li pou nou sèvi, de pitit an pitit, pou mete moun osinon nenpòt bagay apa pou mwen.
And say to the children of Israel, This is to be the Lord's holy oil, from generation to generation.
 και τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ λαλήσεις λέγων ἔλαιον ἄλειμμα χρίσεως ἁγίου ἔσται τοῦτο ὑμῖν εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν
- 32 Nou pa dwe sèvi ak lwil sa a sou nenpòt ki moun, ni nou pa fèt pou fè yon lòt lwil ak menm konpozisyon an. Se yon bagay ki apa pou mwen nèt. Nou fèt pou nou konsidere l' pou sa li ye a.
It is not to be used for man's flesh, and no other is to be made like it: holy it is, and you are to keep it holy.
 ἐπὶ σάρκα ἀνθρώπου οὐ χρῆσθήσεται και κατὰ τὴν σύνθεσιν ταύτην οὐ ποιήσετε ὑμῖν ἑαυτοῖς ὡσαύτως ἅγιόν ἐστιν και ἀγίασμα ἔσται ὑμῖν
- 33 Si yon moun sèvi ak menm konpozisyon an pou fè lwil, osinon si yon moun sèvi avè l' sou yon moun ki pa prèt, se pou yo disparèt li nan mitan pèp la.
Whoever makes any like it, or puts it on one who is not a priest, will be cut off from his people.
 ὃς ἂν ποιήσῃ ὡσαύτως και ὃς ἂν δῶ ἀπ' αὐτοῦ ἀλλογενεῖ ἐξολεθρευθήσεται ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ
- 34 Apre sa, Seyè a di Moyiz konsa: -Pran epis sa yo: safetida, lorye, gonm bwa ak pi bon kalite lansan. W'a pran menm valè nan chak.
And the Lord said to Moses, Take sweet spices, stacte and onycha and galbanum, with the best frankincense, in equal weights;
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λαβέ σεαυτῷ ἡδύσματα στακτὴν ὄνυχα χαλβάνην ἡδυσμοῦ και λίβανον διαφανῆ ἴσον ἴσῳ ἔσται
- 35 W'a fè yon lansan ak yo san ankenn kras ladan l', menm jan moun ki konn fè odè yo fè sa. W'a mete yon ti sèl ladan l', w'a mete l' apa pou mwen.
And make from them a perfume, such as is made by the art of the perfume-maker, mixed with salt, and clean and holy.
 και ποιήσουσιν ἐν αὐτῷ θυμίαμα μυρεψικὸν ἔργον μυρεψοῦ μεμιγμένον καθαρὸν ἔργον ἅγιον
- 36 W'a pran ti gout ladan l', w'a pile l' fè l' fè poud. W'a sèvi avèk ti gout dèvan bwat ki gen ròch plat kontra a, nan Tant Randevou a kote pou m' kontre avè ou la. Se pou ou konsidere lansan sa a tankou yon bagay yo mete apa pou mwen ase.
And put some of it, crushed very small, in front of the ark in the Tent of meeting, where I will come face to face with you; it is to be most holy.
 και συγκόψεις ἐκ τούτων λεπτὸν και θήσεις ἀπέναντι τῶν μαρτυρίων ἐν τῇ σκηνῇ τοῦ μαρτυρίου ὅθεν γνωσθήσομαί σοι ἐκεῖθεν ἅγιον τῶν ἁγίων ἔσται ὑμῖν
- 37 Piga ou sèvi ak menm konpozisyon sa a pou fè lansan pou sèvi pou tèt pa ou. Sa se yon bagay ki rezève pou sèvis Bondye ase.
You are not to make any perfume like it for yourselves: it is to be kept holy to the Lord.
 θυμίαμα κατὰ τὴν σύνθεσιν ταύτην οὐ ποιήσετε ὑμῖν αὐτοῖς ἀγίασμα ἔσται ὑμῖν κυρίῳ
- 38 Si yon moun fè yon konpozisyon menm jan an pou sèvi l' odè, se pou yo disparèt li nan mitan pèp la.
Whoever makes any like it, for its sweet smell, will be cut off from his people.
 ὃς ἂν ποιήσῃ ὡσαύτως ὥστε ὀσφραίνεσθαι ἐν αὐτῷ ἀπολεῖται ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l':
And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Mwen chwazi Bezaleyèl, pitit Ouri, pitit pitit Our, nan branch fanmi Jida a.
I have made selection of Bezalel, the son of Uri, by name, the son of Hur, of the tribe of Judah:
 ἰδοὺ ἀνακέκλημαι ἐξ ὀνόματος τὸν βεσελεηλ τὸν τοῦ ουριου τὸν ὦρ τῆς φυλῆς ἰουδα

- 3 Mwen mete lespri m' sou li an kantite pou l' ka gen ladrès, bon konprann ak konesans pou l' fè tout kalite travay atizan yo konn fè,
And I have given him the spirit of God and made him wise and full of knowledge and expert in every sort of handwork,
καὶ ἐνέπλησα αὐτὸν πνεῦμα θεῖον σοφίας καὶ συνέσεως καὶ ἐπιστήμης ἐν παντὶ ἔργῳ
- 4 pou l' ka fè bèl desen, pou l' travay yo an lò, an ajan ak an kwiv,
To do all sorts of delicate work in gold and silver and brass;
διανοεῖσθαι καὶ ἀρχιτεκτονῆσαι ἐργάζεσθαι τὸ χρυσίον καὶ τὸ ἀργύριον καὶ τὸν χαλκὸν καὶ τὴν ὑάκινθον καὶ τὴν πορφύραν καὶ τὸ κόκκινον τὸ νηστὸν καὶ τὴν βύσσον τὴν κεκλωσμένην
- 5 pou l' travay pyè tankou òfèn yo konn fè a, pou l' moute yo sou nenpòt bagay, pou l' ka fè desen sou bwa, wi pou l' fè tout kalite bon bagay atizan konn fè.
In cutting stones for framing, and to do every form of woodwork.
καὶ τὰ λιθοργικὰ καὶ εἰς τὰ ἔργα τὰ τεκτονικὰ τῶν ξύλων ἐργάζεσθαι κατὰ πάντα τὰ ἔργα
- 6 Nan travay sa a, mwen bay Bezaleyèl yon lòt bòs pou ede l' nan travay la: se Owoliyab, pitit Ayisamak, moun branch fanmi Dann. Konsa tou, tout lòt moun nan pèp Izrayèl la n'a wè ki gen ladrès, konnen se mwen menm ki ba yo l' pou yo ka fè sa mwen mande ou fè a.
And I have made selection of Oholiab with him, the son of Ahisamach, of the tribe of Dan; and in the hearts of all who are wise I have put the knowledge to make whatever I have given you orders to have made;
καὶ ἐγὼ ἔδωκα αὐτὸν καὶ τὸν ελιαβ τὸν τοῦ ἀχισαμαχ ἐκ φυλῆς δαν καὶ παντὶ συνετῷ καρδίᾳ δέδωκα σύνεσιν καὶ ποιήσουσιν πάντα ὅσα σοὶ συνέταξα
- 7 Men sa mwen te mande ou fè: Tant Randevou a, Bwat Kontra a avèk ròch plat yo, kouvèti ki pou ale sou bwat la ansanm ak tout mèb ki pou ale nan tant lan,
The Tent of meeting, and the ark of the law, and the cover which is on it, and all the things for the tent,
τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου καὶ τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης καὶ τὸ ἱλαστήριον τὸ ἐπ' αὐτῆς καὶ τὴν διασκευὴν τῆς σκηνῆς
- 8 tab la ak lanp sèt branch an lò a ansanm avèk tout bagay ki pou sèvi avèk yo, lòtèl pou boule lansan an,
And the table with its vessels, and the holy light-support with all its vessels, and the altar for the burning of spices,
καὶ τὰ θυσιαστήρια καὶ τὴν τράπεζαν καὶ πάντα τὰ σκεῦη αὐτῆς καὶ τὴν λυχνίαν τὴν καθαρὰν καὶ πάντα τὰ σκεῦη αὐτῆς
- 9 lòtèl pou boule ofrann yo ak tout bagay ki pou sèvi sou lòtèl la, basen lan ak tout pye l' a,
And the altar of burned offerings with all its vessels, and the washing-vessel with its base,
καὶ τὸν λουτήρα καὶ τὴν βάσιν αὐτοῦ
- 10 bèl rad seremoni, rad pou Arawon, prèt la, ak pou pitit gason l' yo mete sou yo lè y'ap fè sèvis nan tant lan,
And the robes of needlework, the holy robes for Aaron and for his sons, for their use when acting as priests,
καὶ τὰς στολὰς τὰς λειτουργικὰς ααρὼν καὶ τὰς στολὰς τῶν υἱῶν αὐτοῦ ἱερατεύειν μοι
- 11 lwil pou mete moun apa pou Bondye a ak lansan santi bon pou kote ki apa pou Bondye a. Lè y'ap fè bagay sa yo, se pou yo fè l' jan mwen te di ou la.
And the holy oil, and the perfume of sweet spices for the holy place; they will do whatever I have given you orders to have done.
καὶ τὸ ἔλαιον τῆς χρίσεως καὶ τὸ θυμίαμα τῆς συνθέσεως τοῦ ἁγίου κατὰ πάντα ὅσα ἐγὼ ἐνετείλαμην σοὶ ποιήσουσιν
- 12 ¶ Seyè a di Moyiz konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 13 -W'a di pèp Izrayèl la: Se pou nou respekte jou repo mwen yo, paske se va yon siy ant mwen menm ak nou menm, ak tout pitit pitit nou yo, pou fè konnen se mwen menm, Seyè a, ki mete nou apa pou mwen.
Say to the children of Israel that they are to keep my Sabbaths; for the Sabbath day is a sign between me and you through all your generations; so that you may see that I am the Lord who makes you holy.
καὶ σὺ σύνταξον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ λέγων ὁρᾶτε καὶ τὰ σάββατά μου φυλάξεσθε σημεῖόν ἐστιν παρ' ἐμοὶ καὶ ἐν ὑμῖν εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν ἵνα γνῶτε ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ ἁγιάζων ὑμᾶς
- 14 Se poutèt sa, se pou nou respekte jou repo a paske se yon jou pou nou mete apa pou mwen. Si yon moun pa respekte jou sa a, se pou yo touye l'. Si yon moun fè nenpòt ki travay jou sa a, se pou yo disparèt li nan mitan pèp li a.
So you are to keep the Sabbath as a holy day; and anyone not honouring it will certainly be put to death: whoever does any work on that day will be cut off from his people.
καὶ φυλάξεσθε τὰ σάββατα ὅτι ἅγιον τοῦτο ἐστὶν κυρίου ὑμῖν ὁ βεβηλῶν αὐτὸ θανάτῳ θανατωθήσεται πᾶς ὃς ποιήσει ἐν αὐτῷ ἔργον ἐξολεθρευθήσεται ἢ ψυχὴ ἐκείνη ἐκ μέσου τοῦ λαοῦ αὐτοῦ
- 15 N'a fè tout travay nou pandan sis jou. Men setyèm jou a, se va yon gwo jou repo, jou n'a mete apa pou Seyè a. Nenpòt moun ki fè nenpòt ki travay jou sa a, se pou yo touye l'.
Six days may work be done, but the seventh day is a Sabbath of complete rest, holy to the Lord; whoever does any work on the Sabbath day is to be put to death.
ἕξ ἡμέρας ποιήσεις ἔργα τῆ δὲ ἡμέρα τῆ ἑβδόμη σάββατα ἀνάπαυσις ἁγία τῷ κυρίῳ πᾶς ὃς ποιήσει ἔργον τῆ ἡμέρα τῆ ἑβδόμη θανάτῳ θανατωθήσεται

- 16 Se tout pèp la nèt ki pou respekte jou repo a de pitit an pitit. Se yon kontra ki la pou tout tan.
And the children of Israel are to keep the Sabbath holy, from generation to generation, by an eternal agreement.
 και φυλάξουσιν οί υιοί ισραηλ τὰ σάββατα ποιεῖν αὐτὰ εἰς τὰς γενεάς αὐτῶν διαθήκη αἰώνιος
- 17 Sa va yon siy ant mwen menm ak pèp Izrayèl la, paske mwen menm, Seyè a, mwen te pran sis jou pou m' fè syèl la ak latè a. Sou setyèm jou a mwen te sispann travay, mwen te pran repo.
It is a sign between me and the children of Israel for ever; because in six days the Lord made heaven and earth, and on the seventh day he took his rest and had pleasure in it.
 ἐν ἑμοὶ και τοῖς υιοῖς ισραηλ σημεῖόν ἐστιν αἰώνιον ὅτι ἐν ἕξ ἡμέραις ἐποίησεν κύριος τὸν οὐρανὸν και τὴν γῆν και τῆ ἡμέρα τῆ ἑβδόμη ἐπαύσατο και κατέπαυσεν
- 18 Lè Seyè a te fin pale konsa ak Moyiz sou mòn Sinayi a, li ba li de ròch plat kote li te ekri kontra a ak pròp men li.
And when his talk with Moses on Mount Sinai was ended, he gave him the two stones of the law, two stones on which was the writing made by the finger of God.
 και ἔδωκεν μουσεὶ ἡνίκα κατέπαυσεν λαλῶν αὐτῷ ἐν τῷ ὄρει τῷ σινα τὰς δύο πλάκας τοῦ μαρτυρίου πλάκας λιθίνας γεγραμμένες τῷ δακτύλῳ τοῦ θεοῦ
- 1 ¶ Lè pèp la wè Moyiz te rete lontan sou mòn lan san li pa desann, yo sanble bò kote Arawon, yo di l' konsa: -Ann debouye nou fè lòt bondye ki pou mache devan nou, paske nonm yo rele Moyiz la ki te fè nou moute sot nan peyi Lejip la, nou pa konn sa ki rive l'.
And when the people saw that Moses was a long time coming down from the mountain, they all came to Aaron and said to him, Come, make us a god to go before us: as for this Moses, who took us up out of the land of Egypt, we have no idea what has become of him.
 και ἰδὼν ὁ λαὸς ὅτι κεχρόνικεν μουσῆς καταβῆναι ἐκ τοῦ ὄρους συνέστη ὁ λαὸς ἐπὶ ααρων και λέγουσιν αὐτῷ ἀνάστηθι και ποιήσον ἡμῖν θεοὺς οἱ προπορεύονται ἡμῶν ὁ γὰρ μουσῆς οὗτος ὁ ἄνθρωπος ὅς ἐξήγαγεν ἡμᾶς ἐξ αἰγύπτου οὐκ οἶδαμεν τί γέγονεν αὐτῷ
- 2 Arawon di yo: -Wete tout zanno lò ki nan zòrèy madanm nou yo ak nan zòrèy pitit fi ak pitit gason nou yo, pote yo ban mwen.
Then Aaron said to them, Take off the gold rings which are in the ears of your wives and your sons and your daughters, and give them to me.
 και λέγει αὐτοῖς ααρων περιέλεσθε τὰ ἐνώτια τὰ χρυσᾶ τὰ ἐν τοῖς ὤσιν τῶν γυναικῶν ὑμῶν και θυγατέρων και ἐνέγκατε πρὸς με
- 3 Konsa, tout pèp la wete zanno lò yo te gen nan zòrèy yo, yo pote yo bay Arawon.
And all the people took the gold rings from their ears and gave them to Aaron.
 και περιεῖλαντο πᾶς ὁ λαὸς τὰ ἐνώτια τὰ χρυσᾶ τὰ ἐν τοῖς ὤσιν αὐτῶν και ἤνεγκαν πρὸς ααρων
- 4 Arawon pran zanno yo, li fonn yo, li koule lò a nan yon moul, li fè estati yon ti towò bèf. Pèp la di: -Pèp Izrayèl, men bondye nou an. Se li ki te fè nou sot kite peyi Lejip la.
And he took the gold from them and, hammering it with an instrument, he made it into the metal image of a young ox: and they said, This is your god, O Israel, who took you out of the land of Egypt.
 και ἐδέξατο ἐκ τῶν χειρῶν αὐτῶν και ἐπλασεν αὐτὰ ἐν τῆ γραφίδι και ἐποίησεν αὐτὰ μόσχον χωνευτὸν και εἶπεν οὗτοι οἱ θεοί σου ισραηλ οἵτινες ἀνεβίβασάν σε ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 5 Lè Arawon wè sa, li bati yon lòtèl devan estati ti towò bèf la, epi li di yo: -Denmen m'ap fè yon gwo fèt pou Seyè a.
And when Aaron saw this, he made an altar before it, and made a public statement, saying, Tomorrow there will be a feast to the Lord.
 και ἰδὼν ααρων ὄκοδόμησεν θυσιαστήριον κατέναντι αὐτοῦ και ἐκήρυξεν ααρων λέγων ἑορτὴ τοῦ κυρίου αὔριον
- 6 Nan denmen maten yo leve byen bonè, yo touye bèt, yo boule yo nèt ofri bay Seyè a. Yo touye lòt bèt tou pou di l' mès. Apre sa, pèp la chita, yo manje, yo bwè. Lèfini, yo leve pou yo pran plezi yo.
So early on the day after they got up and made burned offerings and peace-offerings; and took their seats at the feast, and then gave themselves to pleasure.
 και ὀρθρῖσας τῆ ἐπαύριον ἀνεβίβασεν ὀλοκαυτώματα και προσήνεγκεν θυσίαν σωτηρίου και ἐκάθισεν ὁ λαὸς φαγεῖν και πιεῖν και ἀνέστησαν παίζειν
- 7 ¶ Lè sa a, Seyè a di Moyiz: -Ale non, ou mèt desann. Paske pèp ou a, pèp ou te fè moute sot nan peyi Lejip la, gen tan deraye, yo lage tèt yo nan bwa.
And the Lord said to Moses, Go down quickly; for your people, whom you took out of the land of Egypt, are turned to evil ways;
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων βάδιζε τὸ τάχος ἐντεῦθεν κατάρηθι ἡνόμησεν γὰρ ὁ λαὸς σου οὗς ἐξήγαγες ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 8 Yo gen tan kite chemen mwen te mande yo swiv la. Yo pran lò, yo fonn li, yo fè estati yon ti towò bèf, yo tonbe fè sèvis pou li, yo touye bèt ofri ba li, epi yo di: Pèp Izrayèl, men bondye nou an. Se li ki te fè nou sot kite peyi Lejip la.
Even now they are turned away from the rule I gave them, and have made themselves a metal ox and given worship to it and offerings, saying, This is your god, O Israel, who took you up out of the land of Egypt.
 παρέβησαν ταχὺ ἐκ τῆς ὁδοῦ ἧς ἐνετείλω αὐτοῖς ἐποίησαν ἑαυτοῖς μόσχον και προσκεκυνήκασιν αὐτῷ και τεθύκασιν αὐτῷ και εἶπαν οὗτοι οἱ θεοί σου ισραηλ οἵτινες ἀνεβίβασάν σε ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 10 Bon, koulye a kite m' al regle ak yo. Mwen pral fè yo konnen lè m' an kòlè, m'ap detwi yo, m'ap boule yo. Men, ou menm, m'ap fè ou vin yon gwo nasyon.
Now do not get in my way, for my wrath is burning against them; I will send destruction on them, but of you I will make a great nation.
 και νῦν ἔασόν με και θυμωθεὶς ὀργῆ εἰς αὐτοὺς ἐκτρίψω αὐτοὺς και ποιήσω σὲ εἰς ἔθνος μέγα

- 11 Moyiz kriye nan pye Seyè a, Bondye l' a, li di l': -Seyè, poukisa pou ou ta koute kòlè ou pou ou fache sou pèp ki pou ou a, pèp ou menm menm te fè moute soti kite Lejip avèk gwo pouvwa ou, avèk fòs ponyèt ou?
But Moses made prayer to God, saying, Lord, why is your wrath burning against your people whom you took out of the land of Egypt, with great power and with the strength of your hand?
καὶ ἐδεήθη μουσῆς ἔναντι κυρίου τοῦ θεοῦ καὶ εἶπεν ἵνα τί κύριε θυμοὶ ὀργῆ εἰς τὸν λαόν σου οὗς ἐξήγαγες ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐν ἰσχύι μεγάλη καὶ ἐν τῷ βραχίονί σου τῷ ὑψηλῷ
- 12 Atò, sa pou moun peyi Lejip yo di? y'a di: Ala Bondye malveyan! Li fè yo soti kite Lejip pou l' te ka touye yo nan mòn yo, pou l' te ka disparèt yo sou latè. Seyè, pa koute kòlè ou! Chanje lide. Pa fè malè sèk sa a tonbe sou pèp ou a.
Why let the Egyptians say, He took them out to an evil fate, to put them to death on the mountains, cutting them off from the earth? Let your wrath be turned away from them, and send not this evil on your people.
μήποτε εἰπῶσιν οἱ αἰγύπτιοι λέγοντες μετὰ πονηρίας ἐξήγαγεν αὐτοὺς ἀποκτεῖναι ἐν τοῖς ὄρεσιν καὶ ἐξαναλώσει αὐτοὺς ἀπὸ τῆς γῆς παῦσαι τῆς ὀργῆς τοῦ θυμοῦ σου καὶ ἴλωσ γενοῦ ἐπὶ τῇ κακίᾳ τοῦ λαοῦ σου
- 13 Chonje sèvitè ou yo, Abraram, Izarak ak Izrayèl. Chonje pwomès ou te fè yo. Ou te fè sèman sou tèt ou, ou te di yo: M'ap ban nou pitit pitit an kantite, y'ap tankou zetwal nan syèl la. M'ap bay pitit pitit nou yo tout peyi mwen te di m'ap ban nou an, pou peyi a rele yo chèmèt pou tout tan.
Have in mind Abraham, Isaac, and Israel, your servants, to whom you gave your oath, saying, I will make your seed like the stars of heaven in number, and all this land will I give to your seed, as I said, to be their heritage for ever.
μησθεὶς ἀβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ ἰακωβ τῶν σῶν οἰκετῶν οἷς ὄμοσας κατὰ σεαυτοῦ καὶ ἐλάλησας πρὸς αὐτοὺς λέγων πολυπληθυνῶ τὸ σπέρμα ὑμῶν ὡσεὶ τὰ ἄστρα τοῦ οὐρανοῦ τῷ πλήθει καὶ πᾶσαν τὴν γῆν ταύτην ἣν εἶπας δοῦναι τῷ σπέρματι αὐτῶν καὶ καθέξουσιν αὐτὴν εἰς τὸν αἰῶνα
- 14 Lè sa a, Seyè a chanje lide, li pa voye malè sèk li te fè lide voye sou pèp la ankò.
So the Lord let himself be turned from his purpose of sending punishment on his people.
καὶ ἰλάσθη κύριος περὶ τῆς κακίας ἧς εἶπεν ποιῆσαι τὸν λαὸν αὐτοῦ
- 15 ¶ Moyiz pran chemen pou l' tounen. Li desann soti nan mòn lan avèk de ròch plat kontra a nan men l'. Ròch yo te ekri sou tout kò yo, devan kou dèyè.
Then Moses came down the mountain with the two stones of the law in his hand; the stones had writing on their two sides, on the front and on the back.
καὶ ἀποστρέψας μουσῆς κατέβη ἀπὸ τοῦ ὄρους καὶ αἱ δύο πλάκες τοῦ μαρτυρίου ἐν ταῖς χερσίν αὐτοῦ πλάκες λίθιναι καταγεγραμμέναι ἐξ ἀμφοτέρων τῶν μερῶν αὐτῶν ἔνθεν καὶ ἔνθεν ἦσαν γεγραμμῆ ἓνα
- 16 Se Bondye menm ki te travay ròch plat sa yo. Se li menm tou ki te ekri sou yo ak pròp men li. Se li ki te grave tout lèt ki ekri sou ròch yo.
The stones were the work of God, and the writing was the writing of God, cut on the stones.
καὶ αἱ πλάκες ἔργον θεοῦ ἦσαν καὶ ἡ γραφὴ γραφὴ θεοῦ ἐστὶν κεκολαμμένη ἐν ταῖς πλαξίν
- 17 Jozye te tande pèp la ki t'ap rele byen fò anba a. Li di Moyiz: -Pou tout bri mwen tande a, gen gwo goumen nan kan an!
Now when the noise and the voices of the people came to the ears of Joshua, he said to Moses, There is a noise of war in the tents.
καὶ ἀκούσας ἰησοῦς τὴν φωνὴν τοῦ λαοῦ κραζόντων λέγει πρὸς μουσῆν φωνὴ πολέμου ἐν τῇ παρεμβολῇ
- 18 Men Moyiz reponn li: -Non! Non! Kalite chante sa a, se pa chante moun ki genyen yon batay ni chante moun ki pèdi batay. Se de gwoup moun k'ap chante: yonn ap reponn lòt.
And Moses said, It is not the voice of men who are overcoming in the fight, or the cry of those who have been overcome; it is the sound of songs which comes to my ear.
καὶ λέγει οὐκ ἐστὶν φωνὴ ἐξαρχόντων κατ' ἰσχὴν οὐδὲ φωνὴ ἐξαρχόντων τροπῆς ἀλλὰ φωνὴν ἐξαρχόντων οἴνου ἐγὼ ἀκούω
- 19 Lè Moyiz rive toupren kan an, li wè estati ti towò bèf la ak moun yo ki t'ap danse. Moyiz fè yon sèl kòlè, li voye ròch plat ki te nan men l' yo jete. Yo tonbe, y' al kraze an miyèt moso anba pye mòn lan.
And when he came near the tents he saw the image of the ox, and the people dancing; and in his wrath Moses let the stones go from his hands, and they were broken at the foot of the mountain.
καὶ ἠνίκα ἤγγιζεν τῇ παρεμβολῇ ὄρα τὸν μόσχον καὶ τοὺς χορούς καὶ ὀργισθεὶς θυμῷ μουσῆς ἔρριπεν ἀπὸ τῶν χειρῶν αὐτοῦ τὰς δύο πλάκας καὶ συνέτριψεν αὐτὰς ὑπὸ τὸ ὄρος
- 20 Li pran estati ti towò bèf yo te fè a, li boule l', li kraze l', li fè l' tounen pousyè. Li simen pousyè a nan dlo. Lèfini, li fè moun Izrayèl yo bwè dlo a.
And he took the ox which they had made, burning it in the fire and crushing it to powder, and he put it in the water and made the children of Israel take a drink of it.
καὶ λαβὼν τὸν μόσχον ὃν ἐποίησαν κατέκαυσεν αὐτὸν ἐν πυρὶ καὶ κατέλεσεν αὐτὸν λεπτὸν καὶ ἔσπειρεν αὐτὸν ἐπὶ τὸ ὕδωρ καὶ ἐπότισεν αὐτὸ τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ
- 21 ¶ Apre sa li di Arawon: -Kisa moun sa yo fè ou menm pou ou kite yo fè kalite gwo peche sa a?
And Moses said to Aaron, What did the people do to you that you let this great sin come on them?
καὶ εἶπεν μουσῆς τῷ ααρων τί ἐποίησέν σοι ὁ λαὸς οὗτος ὅτι ἐπήγαγες ἐπ' αὐτοὺς ἀμαρτίαν μεγάλην
- 22 Arawon reponn li: -Mèt, tanpri, pa fache sou mwen! Ou menm, ou konnen jan pèp sa a toujou pare pou fè sa ki mal.
And Aaron said, Let not my lord be angry; you have seen how the purposes of this people are evil.
καὶ εἶπεν ααρων πρὸς μουσῆν μὴ ὀργίζου κύριε σὺ γὰρ οἶδας τὸ ὄρημα τοῦ λαοῦ τούτου

- 23 Se yo menm ki di m' fè bondye pou yo, bondye ki pou mache devan yo, paske yo pa konnen sa ki rive Moyiz, nonm sa a ki te fè yo soti kite Lejip la.
For they said to me, Make us a god to go before us: as for this Moses, who took us up out of the land of Egypt, we have no idea what has come to him.
λέγουσιν γάρ μοι ποιήσον ἡμῖν θεοῦς οἱ προπορεύονται ἡμῶν ὁ γὰρ μουσῆς οὗτος ὁ ἄνθρωπος ὃς ἐξήγαγεν ἡμᾶς ἐξ αἰγύπτου οὐκ οἶδαμεν τί γέγονεν αὐτῷ
- 24 Lè sa a, mwen mande kilès nan mitan yo ki gen lò. Tout moun ki te gen lò sou yo ban mwen l'. Mwen lage lò a nan dife, epi estati ti towò bèf sa a parèt.
Then I said to them, Whoever has any gold, let him take it off; so they gave it to me, and I put it in the fire, and this image of an ox came out.
καὶ εἶπα αὐτοῖς εἴ τι νὺν ὑπάρχει χρυσία περιέλεσθε καὶ ἔδωκάν μοι καὶ ἔρριψα εἰς τὸ πῦρ καὶ ἐξῆλθεν ὁ μόσχος οὗτος
- 25 Moyiz wè pèp la te fin dechennen, paske Arawon te lage brid ba yo, yo te lage kò yo nan sèvi zidòl. Sa fè yo pa t' anyen ankò devan lènmi yo.
And Moses saw that the people were out of control, for Aaron had let them loose to their shame before their haters:
καὶ ἰδὼν μουσῆς τὸν λαὸν ὅτι διεσκέδασται διεσκέδασεν γὰρ αὐτοὺς ααρων ἐπίχαρμα τοῖς ὑπεναντίοις αὐτῶν
- 26 Moyiz kanpe nan pòtay lakou kan an, li pale byen fò, li di: -Tout moun ki pou Seyè a, vin jwenn mwen. Se konsa tout pitit Levi yo vin jwenn li.
Then Moses took his place at the way into the tents, and said, Whoever is on the Lord's side, let him come to me. And all the sons of Levi came together to him.
ἔστη δὲ μουσῆς ἐπὶ τῆς πύλης τῆς παρεμβολῆς καὶ εἶπεν τίς πρὸς κύριον ἴτω πρὸς με συνήλθον οὖν πρὸς αὐτὸν πάντες οἱ υἱοὶ λευὶ
- 27 Li di yo: -Men sa Seyè a, li menm ki Bondye pèp Izrayèl la di: Se pou nou chak pran nepe nou, mache nan tout kan an, depi nan pòtay sa a rive jouk lòt bò a. Touye mezi moun ki tonbe anba men nou, kit se frè nou, kit se zanmi nou, osinon vwazinaj nou.
And he said to them, This is the word of the Lord, the God of Israel: Let every man take his sword at his side, and go from one end of the tents to the other, putting to death his brother and his friend and his neighbour.
καὶ λέγει αὐτοῖς τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ θέσθε ἕκαστος τὴν ἑαυτοῦ ῥομφαίαν ἐπὶ τὸν μηρὸν καὶ διέλθατε καὶ ἀνακάμψατε ἀπὸ πύλης ἐπὶ πύλην διὰ τῆς παρεμβολῆς καὶ ἀποκτείνετε ἕκαστος τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ καὶ ἕκαστος τὸν πλησίον αὐτοῦ καὶ ἕκαστος τὸν ἑγγιστα αὐτοῦ
- 28 Pitit Levi yo fè sa Moyiz te ba yo lòd fè a. Jou sa a, te gen twamil moun konsa nan pèp la ki te pèdi lavi yo.
And the sons of Levi did as Moses said; and about three thousand of the people were put to death that day.
καὶ ἐποίησαν οἱ υἱοὶ λευὶ καθὰ ἐλάλησεν αὐτοῖς μουσῆς καὶ ἔπεσαν ἐκ τοῦ λαοῦ ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ εἰς τρισχιλίους ἄνδρας
- 29 Moyiz di pitit Levi yo: -Jòdi a, avèk san pitit gason nou yo ak san frè nou yo nou fè koule a, nou mete tèt nou apa nèt pou sèvis Seyè a. Se poutèt sa tou, Seyè a pa manke ban nou benediksyon l' jòdi a.
And Moses said, You have made yourselves priests to the Lord this day; for every one of you has made the offering of his son and his brother; the blessing of the Lord is on you this day.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς μουσῆς ἐπληρώσατε τὰς χεῖρας ὑμῶν σήμερον κυρίῳ ἕκαστος ἐν τῷ υἱῷ ἢ τῷ ἀδελφῷ δοθῆναι ἐφ' ὑμᾶς εὐλογίαν
- 30 ¶ Nan denmen, Moyiz rele pèp la, li di yo: -Nou te fè yon gwo peche. Men koulye a, mwen pral moute sou mòn lan bò kote Seyè a. m'a wè si m' ka jwenn padon pou peche nou an.
And on the day after, Moses said to the people, Great has been your sin: but I will go up to the Lord, and see if I may get forgiveness for your sin.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὴν αὐριον εἶπεν μουσῆς πρὸς τὸν λαόν ὑμεῖς ἡμαρτήκατε ἁμαρτίαν μεγάλην καὶ νῦν ἀναβήσομαι πρὸς τὸν θεόν ἵνα ἐξιλάσομαι περὶ τῆς ἁμαρτίας ὑμῶν
- 31 Moyiz tounen bò kote Seyè a. Li di l': -Ou wè gwosè peche pèp la fè. Yo fè yon estati an lò pou sèvi yo bondye.
Then Moses went back to the Lord and said, This people has done a great sin, making themselves a god of gold;
ὑπέστρεψεν δὲ μουσῆς πρὸς κύριον καὶ εἶπεν δέομαι κύριε ἡμάρτηκεν ὁ λαὸς οὗτος ἁμαρτίαν μεγάλην καὶ ἐποίησαν ἑαυτοῖς θεοὺς χρυσοῦς
- 32 Men, tanpri, padonnen peche yo. Si se pa sa, tanpri efase non m' nan liv ou a.
But now, if you will give them forgiveness--but if not, let my name be taken out of your book.
καὶ νῦν εἰ μὲν ἀφείξ αὐτοῖς τὴν ἁμαρτίαν ἀφες εἰ δὲ μή ἐξάλειψόν με ἐκ τῆς βίβλου σου ἧς ἔγραψα
- 33 Seyè a reponn Moyiz, li di l': -Moun ki peche kont mwen an, se non l' pou m' efase nan liv mwen an.
And the Lord said to Moses, Whoever has done evil against me will be taken out of my book.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν εἰ τίς ἡμάρτηκεν ἐνώπιόν μου ἐξαλείψω αὐτὸν ἐκ τῆς βίβλου μου
- 34 Koulye a, ou mèt ale. W'a mennen pèp la kote mwen te di ou mennen yo a. Chonje byen. Zanj mwen an ap mache devan ou. Men, lè jou a va rive pou m' vin fè regleman ak yo a, m'ap pini yo pou peche yo.
But now, go, take the people into that place of which I have given you word; see, my angel will go before you: but when the time of my judging has come, I will send punishment on them for their sin.
νυνὶ δὲ βάδιζε κατάβηθι καὶ ὁδήγησον τὸν λαὸν τοῦτον εἰς τὸν τόπον ὃν εἶπά σοι ἰδοὺ ὁ ἄγγελός μου προπορεύεται πρὸ προσώπου σου ἢ δ' ἂν ἡμέρα ἐπισκέπτομαι ἐπάξω ἐπ' αὐτοὺς τὴν ἁμαρτίαν αὐτῶν

- 35 Seyè a te voye yon maladi sou pèp la pou pini l', paske yo te fòse Arawon fè estati yon ti bèf pou yo.
And the Lord sent punishment on the people because they gave worship to the ox which Aaron made.
 και ἐπάταξεν κύριος τὸν λαὸν περὶ τῆς ποιήσεως τοῦ μόσχου οὗ ἐποίησεν ααρων
- 1 ¶ Seyè a di Moyiz: -Leve non, ou menm ak tout pèp ou te fè soti kite Lejip la. Kite kote nou ye a. Pran chemen pou n' ale nan peyi mwen te sèman bay Abraram, Izarak ak Jakòb la, lè m' te di yo m'ap ba yo tè sa a pou pitit pitit yo.
And the Lord said to Moses, Go forward from this place, you and the people whom you have taken up out of the land of Egypt, to that land about which I made an oath to Abraham, Isaac, and Jacob, saying, To your seed will I give it.
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν πορεύου ἀνάβηθι ἐντεῦθεν σὺ και ὁ λαὸς σου οὐς ἐξήγαγες ἐκ γῆς αἰγύπτου εἰς τὴν γῆν ἣν ὠμοσα τῷ αβρααμ και ισαακ και ιακωβ λέγων τῷ σπέρματι ὑμῶν δώσω αὐτήν
- 2 M'ap voye yonn nan zanj mwen yo devan nou. M'ap mete moun Kanaran yo, moun Amori yo, moun Et yo, moun Ferezi yo, ak moun Jebis yo deyò sou tè yo a.
And I will send an angel before you, driving out the Canaanite and the Amorite and the Hittite and the Perizzite and the Hivite and the Jebusite:
 και συναποστελῶ τὸν ἄγγελόν μου πρὸ προσώπου σου και ἐκβαλεῖ τὸν αμορραῖον και χετταῖον και φερεζαῖον και γεργεσαῖον και ευαῖον και ιεβουσαῖον
- 3 Ale. W'ap rive nan yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Men, se pa mwen menm menm ki prale ansanm ak nou, paske nou se yon bann moun ki gen tèt di, mwen ta ka touye nou sou wout la.
Go up to that land flowing with milk and honey; but I will not go up among you, for you are a stiff-necked people, for fear that I send destruction on you while you are on the way.
 και εισάξω σε εἰς γῆν ῥέουσαν γάλα και μέλι οὐ γὰρ μὴ συναναβῶ μετὰ σοῦ διὰ τὸ λαὸν σκληροτράχηλόν σε εἶναι ἵνα μὴ ἐξαναλώσω σε ἐν τῇ ὁδῷ
- 4 Lè pèp la tandè move nouvèl sa a, yon sèl lapenn pran yo. Tout moun refize pote bijou sou yo.
Hearing this bad news the people were full of grief, and no one put on his ornaments.
 και ἀκούσας ὁ λαὸς τὸ ῥῆμα τὸ πονηρὸν τοῦτο κατεπένθησαν ἐν πενθικοῖς
- 5 Seyè a di Moyiz konsa: -Di pitit Izrayèl yo se yon bann moun ki gen tèt di yo ye. Si se pou m' ta ale ak yo, menm yon sèl ti kadè, mwen ta fin estèminen yo nèt. Koulye a, se pou yo wete tout bijou yo gen sou yo. Lè sa a m'a wè, sa m' ka fè pou yo.
And the Lord said to Moses, Say to the children of Israel, You are a stiff-necked people: if I come among you, even for a minute, I will send destruction on you; so take off all your ornaments, so that I may see what to do with you.
 και εἶπεν κύριος τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ὑμεῖς λαὸς σκληροτράχηλος ὁρᾶτε μὴ πληγῆν ἄλλην ἐπάξω ἐγὼ ἐφ' ὑμᾶς και ἐξαναλώσω ὑμᾶς νῦν οὖν ἀφέλεσθε τὰς στολὰς τῶν δοξῶν ὑμῶν και τὸν κόσμον και δεῖξω σοὶ ἃ ποιήσω σοὶ
- 6 Se konsa, depi sou mòn Orèb, moun Izrayèl yo pa janm pote bijou ankò sou yo.
So the children of Israel took off their ornaments at Mount Horeb, and did not put them on again.
 και περιεῖλαντο οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὸν κόσμον αὐτῶν και τὴν περιστολὴν ἀπὸ τοῦ ὄρους τοῦ χωρηβ
- 7 ¶ Moyiz pran tant lan, li mete l' yon ti distans an deyò limit kan kote yo te enstale a. Li rele l' Tant Randevou a. Tout moun ki te bezwen pale ak Seyè a te blije soti nan kan an pou ale nan Tant Randevou a.
Now it was Moses' way to put up the Tent of meeting outside the tent-circle, at some distance away; giving it the name of The Tent of meeting. And everyone desiring to make his prayer to the Lord went to the Tent of meeting outside the tent-circle.
 και λαβὼν μουσῆς τὴν σκηνὴν αὐτοῦ ἐπηξεν ἔξω τῆς παρεμβολῆς μακρὰν ἀπὸ τῆς παρεμβολῆς και ἐκλήθη σκηνὴ μαρτυρίου και ἐγένετο πᾶς ὁ ζητῶν κύριον ἐξεπορεύετο εἰς τὴν σκηνὴν ἔξω τῆς παρεμβολῆς
- 8 Chak fwa Moyiz te soti pou l al nan tant lan, tout pèp la te fèt pou kanpe, chak moun devan papòt kay yo, ap gade Moyiz jouk li antre nan tant lan.
And whenever Moses went out to the Tent of meeting, all the people got up and everyone went to the door of his tent, looking after Moses till he went inside the Tent.
 ἡνῖκα δ' ἂν εἰσεπορεύετο μουσῆς εἰς τὴν σκηνὴν ἔξω τῆς παρεμβολῆς εἰστήκει πᾶς ὁ λαὸς σκοπεύοντες ἕκαστος παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς αὐτοῦ και κατενοοῦσαν ἀπίοντος μουσῆ ἕως τοῦ εἰσελθεῖν αὐτὸν εἰς τὴν σκηνὴν
- 9 Depi Moyiz antre nan tant lan, poto nwaj la desann, li kanpe sou papòt tant lan. Epi Seyè a pran pale ak Moyiz.
And whenever Moses went into the Tent, the pillar of cloud came down, and took its place by the door of the Tent, as long as the Lord was talking with Moses.
 ὥς δ' ἂν εἰσῆλθεν μουσῆς εἰς τὴν σκηνὴν κατέβαιναν ὁ στῦλος τῆς νεφέλης και ἵστατο ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς και ἐλάλει μουσῆ
- 10 Lè tout moun wè poto nwaj la kanpe nan papòt tant lan, yo leve, yo bese tèt yo jouk atè devan papòt kay pa yo.
And all the people saw the cloud at the door of the Tent, and they went down on their faces, everyone at the door of his tent.
 και ἑώρα πᾶς ὁ λαὸς τὸν στῦλον τῆς νεφέλης ἐστῶτα ἐπὶ τῆς θύρας τῆς σκηνῆς και στάντες πᾶς ὁ λαὸς προσεκύνησαν ἕκαστος ἀπὸ τῆς θύρας τῆς σκηνῆς αὐτοῦ

- 11 Seyè a te konn pale fasafas ak Moyiz tankou yon moun k'ap pale ak zanmi l'. Apre sa, Moyiz te tounen nan kan kote pèp la te enstale a. Men, te gen yon jenn gason yo te rele Jozye, pitit gason Noum lan, ki t'ap sèvi ak Moyiz. Li menm, li pa t' janm kite tant lan.
And the Lord had talk with Moses face to face, as a man may have talk with his friend. And when Moses came back to the tents, his servant, the young man Joshua, the son of Nun, did not come away from the Tent.
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν ἐνώπιος ἐνώπιω ὡς εἶ τις λαλήσει πρὸς τὸν ἑαυτοῦ φίλον καὶ ἀπελύετο εἰς τὴν παρεμβολὴν ὃ δὲ θεράπων ἰησοῦς υἱὸς ναυῆ νέος οὐκ ἐξεπορεύετο ἐκ τῆς σκηνῆς
- 12 ¶ Moyiz di Seyè a: -Ala ou di m' fè pèp la moute ale nan peyi a, men ou pa di m' kilès w'ap voye avè m' pou ede m'. Men, koulye a ou di m' ou konnen m' byen, ou konnen ki moun mwen ye. Ou kontan mwen anpil.
And Moses said to the Lord, See, you say to me, Be this people's guide on their journey, but you have not made clear to me whom you will send with me. But you have said, I have knowledge of you by name, and you have grace in my eyes.
καὶ εἶπεν μουσῆς πρὸς κύριον ἰδοὺ σὺ μοι λέγεις ἀνάγαγε τὸν λαὸν τοῦτον σὺ δὲ οὐκ ἐδήλωσάς μοι ὃν συναποστελεῖς μετ' ἐμοῦ σὺ δὲ μοι εἶπας οἶδά σε παρὰ πάντας καὶ χάριν ἔχεις παρ' ἐμοί
- 13 Bon, si ou kontan m' vre, tanpri, fè m' konnen lide ou gen nan tèt ou pou m' ka konnen ki moun ou ye, pou m' ka toujou fè ou plezi. Chonje tou, pèp sa a se pa ou li ye wi!
If then I have grace in your eyes, let me see your ways, so that I may have knowledge of you and be certain of your grace; and my prayer is that you will keep in mind that this nation is your people.
εἰ οὖν εὗρηκα χάριν ἐναντίον σου ἐμφάνισόν μοι σεαυτὸν γνωστῶς ἴδω σε ὅπως ἂν ὃ εὕρηκός χάριν ἐναντίον σου καὶ ἵνα γινῶ ὅτι λαὸς σου τὸ ἔθνος τὸ μέγα τοῦτο
- 14 Seyè a reponn: -Se mwen menm k'ap mache avè ou. M'ap fè ou jwenn repo.
And he said, I myself will go with you and give you rest.
καὶ λέγει αὐτὸς προπορεύσομαί σου καὶ καταπαύσω σε
- 15 Moyiz di l': -Si se pa ou menm menm k'ap mache avè nou, ou pa bezwen kite nou soti isit la.
And Moses said, If you yourself are not going with us, do not send us on from here.
καὶ λέγει πρὸς αὐτόν εἰ μὴ αὐτὸς σὺ πορεύῃ μὴ με ἀναγάγῃς ἐντεῦθεν
- 16 Lè ou gade byen, ki jan pou mwen fè konnen ou konsidere m' anpil, mwen menm ansanm ak pèp ou a? Eske se pa lè ou mache ak nou? Si ou mache ak nou, tout moun va rekonèt mwen menm ansanm ak pèp la, nou pa menm ak lòt pèp ki sou latè yo.
For is not the fact of your going with us the sign that I and this people have grace in your eyes, so that we, that is, I and your people, are separate from all other people on the face of the earth?
καὶ πῶς γνωστὸν ἔσται ἀληθῶς ὅτι εὗρηκα χάριν παρὰ σοί ἐγώ τε καὶ ὁ λαὸς σου ἀλλ' ἢ συμπορευομένου σου μεθ' ἡμῶν καὶ ἐνδοξασθήσομαι ἐγώ τε καὶ ὁ λαὸς σου παρὰ πάντα τὰ ἔθνη ὅσα ἐπὶ τῆς γῆς ἔστιν
- 17 Seyè a di Moyiz: -m'a fè sa ou mande m' lan, paske ou fè kè m' kontan anpil. Mwen konnen ki moun ou ye.
And the Lord said to Moses, I will do as you say: for you have grace in my eyes, and I have knowledge of you by your name.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν καὶ τοῦτόν σοι τὸν λόγον ὃν εἶρηκας ποιήσω εὕρηκας γὰρ χάριν ἐνώπιόν μου καὶ οἶδά σε παρὰ πάντας
- 18 Moyiz di l': -Tanpri, fè m' wè pouwva ou!
And Moses said, O Lord, let me see your glory.
καὶ λέγει δεῖξόν μοι τὴν σεαυτοῦ δόξαν
- 19 Lè sa a Seyè a reponn li: -M'ap fè ou wè jan m' gen bon kè, m'ap nonmen non m' devan ou. M'ap fè moun mwen vle gras, m'ap gen pitye pou moun mwen vle gen pitye.
And he said, I will make all the light of my being come before you, and will make clear to you what I am; I will be kind to those to whom I will be kind, and have mercy on those on whom I will have mercy.
καὶ εἶπεν ἐγὼ παρελεύσομαι πρότερός σου τῇ δόξῃ μου καὶ καλέσω ἐπὶ τῷ ὀνόματί μου κύριος ἐναντίον σου καὶ ἐλεήσω ὃν ἂν ἐλεῶ καὶ οἰκτιρήσω ὃν ἂν οἰκτιρῶ
- 20 Seyè a pale ankò, li di-Ou p'ap kapab wè figi m', paske ankenn moun sou latè pa kapab wè figi m' pou l' kontinye ap viv apre sa.
But it is not possible for you to see my face, for no man may see me and still go on living.
καὶ εἶπεν οὐ δυνήσῃ ἰδεῖν μου τὸ πρόσωπον οὐ γὰρ μὴ ἴδῃ ἄνθρωπος τὸ πρόσωπόν μου καὶ ζήσεται
- 21 Li di ankò: -Men yon ti plas bò kote m'. W'a kanpe sou ròch sa a.
And the Lord said, See, there is a place near me, and you may take your place on the rock:
καὶ εἶπεν κύριος ἰδοὺ τόπος παρ' ἐμοί στήσῃ ἐπὶ τῆς πέτρας
- 22 Lè pouwva mwen vin ap pase, m'ap mete ou nan twou ròch la, m'a kouvri ou avèk men mwen jouk mwen fin pase.
And when my glory goes by, I will put you in a hole in the rock, covering you with my hand till I have gone past:
ἡνίκα δ' ἂν παρέλθῃ μου ἡ δόξα καὶ θήσω σε εἰς ὀπήν τῆς πέτρας καὶ σκεπάσω τῇ χειρὶ μου ἐπὶ σέ ἕως ἂν παρέλθῶ

- 23 Apre sa, m'a wete men m' sou ou. Se do m' ase w'a wè ki prale, men ou p'ap wè figi m'.
Then I will take away my hand, and you will see my back: but my face is not to be seen.
καὶ ἀφελῶ τὴν χεῖρα καὶ τότε ὄψη τὰ ὀπίσω μου τὸ δὲ πρόσωπόν μου οὐκ ὀφθήσεται σοι
- 1 ¶ Seyè a di Moyiz konsa: -Taye de ròch plat tankou de premye yo. m'a ekri sou yo tout pawòl ki te sou premye ròch ou te kraze yo.
And the Lord said to Moses, Make two other stones like the first two; and I will put on them the words which were on the first stones, which were broken by you.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λάξευσον σεαυτῷ δύο πλάκας λιθίνας καθὼς καὶ αἱ πρῶται καὶ ἀνάβηθι πρὸς με εἰς τὸ ὄρος καὶ γράψω ἐπὶ τῶν πλακῶν τὰ ῥήματα ἃ ἦν ἐν ταῖς πλαξίν ταῖς πρώταις αἷς συνέτριψας
- 2 Pare ou byen bonè denmen maten. W'a moute sou mòn Sinayi a. Vin jwenn mwen la sou tèt mòn lan.
And be ready by the morning, and come up on Mount Sinai, and come before me there in the morning, on the top of the mountain.
καὶ γίνου ἔτοιμος εἰς τὸ πρωὶ καὶ ἀνάβηθι ἐπὶ τὸ ὄρος τὸ σινα καὶ στήσῃ μοι ἐκεῖ ἐπ' ἄκρου τοῦ ὄρους
- 3 Pa kite pesonn moute avè ou. Pa kite pesonn parèt sou mòn lan. Ata mouton ak bèf pa pou vin manje twò pre mòn lan.
No one is to come up with you, and let no man be seen anywhere on the mountain; let no flocks or herds come near to get their food at its foot.
καὶ μηδεὶς ἀναβήτω μετὰ σοῦ μηδὲ ὀφθῆτω ἐν παντὶ τῷ ὄρει καὶ τὰ πρόβατα καὶ αἱ βόες μὴ νεμέσθωσαν πλησίον τοῦ ὄρους ἐκείνου
- 4 Moyiz taye de ròch plat tankou de premye yo. Nan denmen maten byen bonè, li moute sou mòn Sinayi a ak de ròch plat yo nan men l' jan Seyè a te ba li lòd la.
So Moses got two stones cut like the first; and early in the morning he went up Mount Sinai, as the Lord had said, with the two stones in his hand.
καὶ ἐλάξευσεν δύο πλάκας λιθίνας καθάπερ καὶ αἱ πρῶται καὶ ὀρθρίσας μουσῆς ἀνέβη εἰς τὸ ὄρος τὸ σινα καθότι συνέταξεν αὐτῷ κύριος καὶ ἔλαβεν μουσῆς τὰς δύο πλάκας τὰς λιθίνας
- 5 ¶ Seyè a desann nan yon nwaj, li kanpe la toupre Moyiz. Li fè l' konnen se li menm yo rele Seyè a.
And the Lord came down in the cloud and took his place by the side of Moses, and Moses gave worship to the name of the Lord.
καὶ κατέβη κύριος ἐν νεφέλῃ καὶ παρέστη αὐτῷ ἐκεῖ καὶ ἐκάλεσεν τῷ ὀνόματι κυρίου
- 6 Seyè a pase devan Moyiz, li pale byen fò, li di: -Seyè a, Seyè a se yon Bondye ki gen pitye pou moun, yon Bondye ki gen bon kè. Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm sispann renmen, l'ap toujou kenbe pawòl li.
And the Lord went past before his eyes, saying, The Lord, the Lord, a God full of pity and grace, slow to wrath and great in mercy and faith;
καὶ παρήλθεν κύριος πρὸ προσώπου αὐτοῦ καὶ ἐκάλεσεν κύριος ὁ θεὸς οἰκτιρῶν καὶ ἐλεήμων μακρόθυμος καὶ πολυέλεος καὶ ἀληθινὸς
- 7 L'ap kenbe pwomès li pou tout tan jouk sou mil jenerasyon, de pitit an pitit. L'ap toujou padonnen sa nou fè ki mal, sa nou te dwe fè nou pa fè, ak peche nou yo. Men, li pa nan kase fèy kouvri sa. Lè yon moun fè yon peche, l'ap pini pitit li yo, pitit pitit li yo ak pitit pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk sou twazyèm ak katyèm jenerasyon.
Having mercy on thousands, overlooking evil and wrongdoing and sin; he will not let wrongdoers go free, but will send punishment on children for the sins of their fathers, and on their children's children to the third and fourth generation.
καὶ δικαιοσύνην διατηρῶν καὶ ποιῶν ἔλεος εἰς χιλιάδας ἀφαιρῶν ἀνομίας καὶ ἀδικίας καὶ ἁμαρτίας καὶ οὐ καθαριεῖ τὸν ἔνοχον ἐπάγων ἀνομίας πατέρων ἐπὶ τέκνα καὶ ἐπὶ τέκνα τέκνων ἐπὶ τρίτην καὶ ἰ τετάρτην γενεάν
- 8 Lamenn, Moyiz prese bese tèt li byen ba jouk atè, li adore Bondye.
Then Moses quickly went down on his face in worship.
καὶ σπεύσας μουσῆς κύψας ἐπὶ τὴν γῆν προσεκύνησεν
- 9 Li di: -Seyè! Si ou kontan m' vre, tanpri, mache avè nou non! Pèp sa a, se yon bann moun ki gen tèt di, se vre. Men, padonnen fòt nou yo ak peche nou yo. Asepte nou pou moun ki rele ou pa ou.
And he said, If now I have grace in your eyes, let the Lord go among us, for this is a stiff-necked people, and give us forgiveness for our wrongdoing and our sin, and take us for your heritage.
καὶ εἶπεν εἰ εὐρήκα χάριν ἐνώπιόν σου συμπορευθήτω ὁ κύριός μου μεθ' ἡμῶν ὁ λαὸς γὰρ σκληροτράχηλός ἐστιν καὶ ἀφελεῖς σὺ τὰς ἁμαρτίας ἡμῶν καὶ τὰς ἀνομίας ἡμῶν καὶ ἐσόμεθα σοί
- 10 ¶ Seyè a reponn: -Mwen pral fè yon kontra avèk nou. Devan tout pèp la, mwen pral fè gwo bèl bagay, bèl bagay ankenn peyi sou latè ni ankenn nasyon poko janm wè. Konsa, tout pèp ki avè ou yo pral wè travay Seyè a ka fè, paske mwen pral sèvi avè ou pou m' fè yon bagay estraòdinè.
And the Lord said, See, this is what I will undertake: before the eyes of your people I will do wonders, such as have not been done in all the earth or in any nation: and all your people will see the work of the Lord, for what I am about to do for you is greatly to be feared.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν ἰδοὺ ἐγὼ τίθημί σοι διαθήκην ἐνώπιον παντὸς τοῦ λαοῦ σου ποιήσω ἔνδοξα ἃ οὐ γέγονεν ἐν πάσῃ τῇ γῆ καὶ ἐν παντὶ ἔθνει καὶ ὄψεται πᾶς ὁ λαὸς ἐν οἷς εἶ σύ τὰ ἔργα κυρίου ὅτι θαυμαστά ἐστὶν ἃ ἐγὼ ποιήσω σοι
- 11 Se pou ou swiv tout kòmandman mwen ba ou jòdi a. M'ap mete moun Amori yo deyò, ansanm ak tout moun Kanaran yo, tout moun Et yo, moun Ferezi yo, moun Evi yo ak moun Jebis yo, pou yo fè plas pou nou.
Take care to do the orders which I give you today; I will send out from before you the Amorite and the Canaanite and the Hittite and the Perizzite and the Hivite and the Jebusite.
πρόσεχε σὺ πάντα ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι σοι ἰδοὺ ἐγὼ ἐκβάλλω πρὸ προσώπου ὑμῶν τὸν αμορραῖον καὶ χαναναῖον καὶ χετταῖον καὶ φερεζαῖον καὶ εβυαῖον καὶ γεργεσαῖον καὶ ιεβουσαῖον

- 12 **Pran prekosyon nou pou nou pa antre nan ankenn konfyolo ak moun ki rete nan peyi kote nou prale a, paske sa ka tounen yon pèlen pou nou.**
But take care, and do not make any agreement with the people of the land where you are going, for it will be a cause of sin to you.
πρόσεχε σεαυτῶ μήποτε θῆς διαθήκην τοῖς ἔγκαθημένοις ἐπὶ τῆς γῆς εἰς ἣν εἰσπορεύῃ εἰς αὐτήν μή σοι γένηται πρόσκομμα ἐν ὑμῖν
- 13 **Okontrè, se pou nou kraze lòtèl yo, dechouke tout vye ròch moniman yo te kanpe. Koupe tout potò bwa yo te plante pou zidòl yo.**
But their altars are to be overturned and their pillars broken and their images cut down:
τοὺς βωμοὺς αὐτῶν καθελείτε καὶ τὰς στήλας αὐτῶν συντρίψετε καὶ τὰ ἄλλα αὐτῶν ἐκκόψετε καὶ τὰ γλυπτὰ τῶν θεῶν αὐτῶν κατακαύσετε ἐν πυρὶ
- 14 **Nou pa fèt pou nou sèvi lòt bondye paske mwen menm, Seyè a, yo rele m' Bondye ki fè jalouzi. Mwen se yon Bondye ki fè jalouzi anpil.**
For you are to be worshippers of no other god: for the Lord is a God who will not give his honour to another.
οὐ γὰρ μὴ προσκυνήσητε θεῶ ἐτέρῳ ὃ γὰρ κύριος ὁ θεὸς ζηλωτὸν ὄνομα θεὸς ζηλωτῆς ἐστίν
- 15 **Pa antre nan ankenn konfyolo ak moun ki rete nan peyi a, paske lè y'ap sèvi bondye yo, lè y'ap touye bèt pou yo, sa y'ap fè a se menm bagay ak fanm k'ap fè jennès. Lè sa a y'a konprann pou yo vin envite nou. Konsa nou ka tonbe nan manje vyann bèt yo te ofri bay zidòl yo.**
So see that you make no agreement with the people of the land, and do not go after their gods, or take part in their offerings, or be guests at their feasts,
μήποτε θῆς διαθήκην τοῖς ἔγκαθημένοις πρὸς ἄλλοφύλους ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἐκπορνεύσωσιν ὀπίσω τῶν θεῶν αὐτῶν καὶ θύσωσι τοῖς θεοῖς αὐτῶν καὶ καλέσωσιν σε καὶ φάγῃς τῶν θυμάτων αὐτῶν
- 16 **Konsa konsa, yon lè n'a pran pitit fi moun sa yo pou madanm pitit gason nou yo. Lè pitit fi yo menm va lage kò yo nan sèvis lòt bondye yo, yo ka pran tèt pitit gason nou yo, fè yo vire do ban mwen pou y al sèvi bondye pa yo a, tankou lè yon nonm kite madanm li pou l' al deyè lòt fanm.**
Or take their daughters for your sons; for when their daughters give worship before their gods, they will make your sons take part with them.
καὶ λάβῃς τῶν θυγατέρων αὐτῶν τοῖς υἱοῖς σου καὶ τῶν θυγατέρων σου δῶς τοῖς υἱοῖς αὐτῶν καὶ ἐκπορνεύσωσιν αἱ θυγατέρες σου ὀπίσω τῶν θεῶν αὐτῶν καὶ ἐκπορνεύσωσιν τοὺς υἱούς σου ὀπίσω τῶν θεῶν αὐτῶν
- 17 **Piga ou janm fonn metal pou fè estati ki pou sèvi ou bondye.**
Make for yourselves no gods of metal.
καὶ θεοὺς χωνευτοὺς οὐ ποιήσεις σεαυτῶ
- 18 **¶ Se pou ou toujou fete fèt pen san ledven an. Pandan sèt jou nan mwa Abib la, nou va manje pen san ledven, jan mwen te ban nou lòd la, paske se nan mwa sa a nou te soti kite peyi Lejip.**
Keep the feast of unleavened bread; for seven days your food is to be bread without leaven, as I gave you orders, at the regular time in the month Abib; for in that month you came out of Egypt.
καὶ τὴν ἑορτὴν τῶν ἀζύμων φυλάξῃ ἑπτὰ ἡμέρας φάγῃ ἄζυμα καθάπερ ἐντέταλμαί σοι εἰς τὸν καιρὸν ἐν μηνὶ τῶν νέων ἐν γὰρ μηνὶ τῶν νέων ἐξῆλθες ἐξ αἰγύπτου
- 19 **Tout premye pitit gason se pou mwen yo ye. Konsa tou, tout bèt, kit se bèf, kit se mouton, kit se kabrit, premye pitit mal yo fè, se pou mwen yo ye tou.**
Every first male child is mine; the first male birth of your cattle, the first male of every ox and sheep.
πᾶν διανοῖγον μήτραν ἐμοί τὰ ἀρσενικά πρωτότοκον μόσχου καὶ πρωτότοκον προβάτου
- 20 **Men, lè yon manman bourik fè premye pitit mal li, nou ka achte l' nan men m'. N'a ban mwen yon mouton pou li. Si nou pa vle peye pou li, se pou nou kase kou l'. Konsa tou, nou va achte nan men m' tout premye pitit gason gason nou yo va fè. N'a ban mwen kichòy pou yo. Piga pesonn janm parèt devan mwen de men l' vid.**
A lamb may be given in payment for the young of an ass, but if you will not make payment for it, its neck will have to be broken. For all the first of your sons you are to make payment. No one is to come before me without an offering.
καὶ πρωτότοκον ὑποζυγίου λυτρώση προβάτω ἐὰν δὲ μὴ λυτρώση αὐτό τιμὴν δώσεις πᾶν πρωτότοκον τῶν υἱῶν σου λυτρώση οὐκ ὀφθήση ἐνώπιόν μου κενός
- 21 **W'a travay sis jou. Men setyèm jou a, se pou ou sispann travay, te mèt nan sezon plante osinon nan sezon rekòt.**
Six days let work be done, but on the seventh day take your rest: at ploughing time and at the grain-cutting you are to have a day for rest.
ἕξ ἡμέρας ἐργᾶ τῆ δὲ ἐβδόμη καταπαύσεις τῷ σπόρῳ καὶ τῷ ἀμίτῳ καταπαύσεις
- 22 **W'a fete fèt Senmenn yo, fèt premye grap ble ou koupe lè rekòt la. Lèfini, nan fen lanne a w'a fete fèt Rekòt la.**
And you are to keep the feast of weeks when you get in the first-fruits of the grain, and the feast at the turn of the year when you take in the produce of your fields.
καὶ ἑορτὴν ἑβδομάδων ποιήσεις μοι ἀρχὴν θερισμοῦ πυρῶν καὶ ἑορτὴν συναγωγῆς μεσοῦντος τοῦ ἔνιαυτοῦ
- 23 **Twa fwa chak lanne, tout gason ki nan mitan nou gen pou parèt devan mwen, Seyè sel Mèt la, Bondye pèp Izrayèl la.**
Three times in the year let all your males come before the Lord, the God of Israel.
τρεις καιροὺς τοῦ ἔνιαυτοῦ ὀφθήσεται πᾶν ἀρσενικόν σου ἐνώπιον κυρίου τοῦ θεοῦ ἰσραηλ

- 24 Lè m'a fin mete lòt nasyon yo deyò pou fè plas pou nou, lè m'a fin laji teritwa nou an, pesonn p'ap gen lanbisyon pou yo seye vin pran peyi a nan men nou lè n'a moute chak lanne pou parèt devan mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, pou fete twa fèt sa yo.
For I will send out the nations before you and make wide the limits of your land; and no man will make an attempt to take your land while you go up to give worship to the Lord, three times in the year.
ὅταν γὰρ ἐκβάλω τὰ ἔθνη πρὸ προσώπου σου καὶ πλατύνω τὰ ὄρια σου οὐκ ἐπιθυμήσει οὐδεὶς τῆς γῆς σου ἡνίκα ἂν ἀναβαίνης ὀφθῆναι ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ σου τρεῖς καιροὺς τοῦ ἐνιαυτοῦ
- 25 Lè n'ap touye yon bèt pou ofri l' ban mwen, piga nou janm sèvi ak pen ki fèt ak ledven. Lè fèt Delivrans lan menm, piga nou kite ankenn vyann bèt yo touye pou fèt la rete pou denmen maten.
No leaven is to be offered with the blood of my offering, and the offering of the Passover feast may not be kept till the morning.
οὐ σφάζεις ἐπὶ ζύμῃ αἷμα θυμιαμάτων μου καὶ οὐ κοιμηθήσεται εἰς τὸ πρωὶ θύματα τῆς ἑορτῆς τοῦ πασχα
- 26 N'a pran pi bèl fwi nan premye rekòt jaden nou yo, n'a pote yo bay Seyè a, Seyè nou an, lakay li. Piga ou janm kwit yon ti mouton nan lèt manman l'.
Take the first-fruits of your land as an offering to the house of the Lord your God. Let not the young goat be cooked in its mother's milk
τὰ πρωτογενήματα τῆς γῆς σου θήσεις εἰς τὸν οἶκον κυρίου τοῦ θεοῦ σου οὐ προσοίσεις ἄρνα ἐν γάλακτι μητρὸς αὐτοῦ
- 27 Seyè a di Moyiz ankò: -Ekri tout pawòl sa yo, paske se dapre pawòl sa yo m'ap siyen kontra m' lan avè ou ansanm avèk pèp Izrayèl la.
And the Lord said to Moses, Put all these words in writing; for on them is based the agreement which I will make with you.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν γράψον σεαυτῷ τὰ ῥήματα ταῦτα ἐπὶ γὰρ τῶν λόγων τούτων τέθειμαί σοι διαθήκην καὶ τῷ Ἰσραηλ
- 28 ¶ Moyiz te rete la avèk Seyè a pandan karant jou karant nwit. Li pase tout jou sa yo san manje san bwè. Li te ekri tout pawòl kontra a sou ròch plat yo. Se te dis kòmandman yo.
And for forty days and forty nights Moses was there with the Lord, and in that time he had no food or drink. And he put in writing on the stones the words of the agreement, the ten rules of the law.
καὶ ἦν ἐκεῖ μουσῆς ἐναντίον κυρίου τεσσαράκοντα ἡμέρας καὶ τεσσαράκοντα νύκτας ἄρτον οὐκ ἔφαγεν καὶ ὕδωρ οὐκ ἔπιεν καὶ ἔγραψεν τὰ ῥήματα ταῦτα ἐπὶ τῶν πλακῶν τῆς διαθήκης τοὺς δέκα λόγους
- 29 Lè Moyiz desann soti sou mòn Sinayi a, li t'ap pote de ròch plat yo nan men l'. Men, gen yon bagay li pa t' konnen. Lè li t'ap pale ak Seyè a, figi l' te vin klere byen bèl.
Now when Moses came down from Mount Sinai, with the two stones in his hand, he was not conscious that his face was shining because of his talk with God.
ὡς δὲ κατέβαιναν μουσῆς ἐκ τοῦ ὄρους καὶ αἱ δύο πλάκες ἐπὶ τῶν χειρῶν μουσῆ καταβαίνοντος δὲ αὐτοῦ ἐκ τοῦ ὄρους μουσῆς οὐκ ᾔδει ὅτι δεδόξασται ἡ ὄψις τοῦ χρώματος τοῦ προσώπου αὐτοῦ ἐν τῷ λαλεῖν αὐτὸν αὐτῷ
- 30 Arawon ak tout pèp la t'ap gade Moyiz, yo we jan figi l' te klere, yo te pè pwoche bò kote l'.
But when Aaron and all the children of Israel saw Moses, and the shining of his face, they would not come near him for fear.
καὶ εἶδεν ααρων καὶ πάντες οἱ πρεσβύτεροι Ἰσραηλ τὸν μουσῆν καὶ ἦν δεδοξασμένη ἡ ὄψις τοῦ χρώματος τοῦ προσώπου αὐτοῦ καὶ ἐφοβήθησαν ἐγγίσει αὐτοῦ
- 31 Men Moyiz rele yo. Arawon vin jwenn li ansanm ak tout chèf pèp la. Moyiz pale ak yo.
Then Moses sent for them; and Aaron, with the chiefs of the people, came to him; and Moses had talk with them.
καὶ ἐκάλεσεν αὐτοὺς μουσῆς καὶ ἐπεστράφησαν πρὸς αὐτὸν ααρων καὶ πάντες οἱ ἄρχοντες τῆς συναγωγῆς καὶ ἐλάλησεν αὐτοῖς μουσῆς
- 32 Apre sa, tout rès pèp Izrayèl la pwoche, epi Moyiz ba yo tout lòd li te resevwa nan men Seyè a sou mòn Sinayi a.
And later, all the children of Israel came near, and he gave them all the orders which the Lord had given him on Mount Sinai.
καὶ μετὰ ταῦτα προσήλθον πρὸς αὐτὸν πάντες οἱ υἱοὶ Ἰσραηλ καὶ ἐνετείλατο αὐτοῖς πάντα ὅσα ἐλάλησεν κύριος πρὸς αὐτὸν ἐν τῷ ὄρει σινα
- 33 Lè Moyiz fin pale ak yo, li kouvri figi li ak yon twal.
And at the end of his talk with them, Moses put a veil over his face.
καὶ ἐπειδὴ κατέπαυσεν λαλῶν πρὸς αὐτούς ἐπέθηκεν ἐπὶ τὸ πρόσωπον αὐτοῦ κάλυμμα
- 34 Chak fwa Moyiz antre nan tant lan devan Seyè a pou pale avè l', li toujou wete twal la jouk li soti deyò ankò. Lè l' soti, li rakonte pèp Izrayèl la tou sa Seyè a te ba li lòd di yo.
But whenever Moses went in before the Lord to have talk with him, he took off the veil till he came out. And whenever he came out he said to the children of Israel what he had been ordered to say; ἡνίκα δ' ἂν εἰσπορεύετο μουσῆς ἐναντι κυρίου λαλεῖν αὐτῷ περιηρέτο τὸ κάλυμμα ἕως τοῦ ἐκπορεύεσθαι καὶ ἐξελθὼν ἐλάλει πᾶσιν τοῖς υἱοῖς Ἰσραηλ ὅσα ἐνετείλατο αὐτῷ κύριος
- 35 Lè konsa, moun pèp Izrayèl yo gade, yo wè figi Moyiz te klere byen bèl. Apre sa, Moyiz remete twal la sou figi l' ankò, pou jouk lè li antre ankò pou l' pale ak Seyè a.
And the children of Israel saw that the face of Moses was shining; so Moses put the veil over his face again till he went to the Lord.
καὶ εἶδον οἱ υἱοὶ Ἰσραηλ τὸ πρόσωπον μουσῆ ὅτι δεδόξασται καὶ περιέθηκεν μουσῆς κάλυμμα ἐπὶ τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἕως ἂν εἰσέλθῃ συλλαλεῖν αὐτῷ
- 1 ¶ Moyiz sanble tout pèp Izrayèl la, li di yo: -Men sa Seyè a bay lòd pou nou fè.
And Moses sent for all the children of Israel to come together, and said to them, This is what the Lord has said and these are his orders.
καὶ συνήθροισεν μουσῆς πᾶσαν συναγωγὴν υἱῶν Ἰσραηλ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς οὗτοι οἱ λόγοι οὓς εἶπεν κύριος ποιῆσαι αὐτούς

- 2 N'a travay sis jou, men se pou nou mete setyèm jou a apa pou Bondye, se jou repo ki apa nèt pou Seyè a. Si yon moun fè nenpòt ki travay jou sa a, se pou yo touye l'.
Six days let work be done, but the seventh day is to be a holy day to you, a Sabbath of rest to the Lord; whoever does any work on that day is to be put to death.
ἕξ ἡμέρας ποιήσεις ἔργα τῆ δὲ ἡμέρα τῆ ἑβδόμη κατάπαυσις ἅγιον σάββατα ἀνάπαυσις κυρίῳ πᾶς ὁ ποιῶν ἔργον ἐν αὐτῇ τελευτάτω
- 3 Ata dife piga nou limen nan ankenn kay jou repo a.
No fire is to be lighted in any of your houses on the Sabbath day.
οὐ καύσετε πῦρ ἐν πάσῃ κατοικίᾳ ὑμῶν τῆ ἡμέρα τῶν σαββάτων ἐγὼ κύριος
- 4 Moyiz pale ak tout pèp Izrayèl la ki te sanble, li di yo: -Men sa Seyè a ban nou lòd fè:
And Moses said to all the meeting of the children of Israel, This is the order which the Lord has given:
καὶ εἶπεν μοϋσῆς πρὸς πᾶσαν συναγωγὴν υἱῶν ἰσραὴλ λέγων τοῦτο τὸ ῥῆμα ὃ συνέταξεν κύριος λέγων
- 5 Se pou nou pran nan sa nou genyen pou fè ofrann pou Seyè a. Tout moun ki vle bay ak tout kè yo pou fè yon ofrann pou Seyè a va fè l'. y'a pote lò, ajan ak kwiv,
Take from among you an offering to the Lord; everyone who has the impulse in his heart, let him give his offering to the Lord; gold and silver and brass;
λάβετε παρ' ὑμῶν αὐτῶν ἀφαιρέμα κυρίῳ πᾶς ὁ καταδεχόμενος τῆ καρδία οἴσουσιν τὰς ἀπαρχὰς κυρίῳ χρυσίον ἀργύριον χαλκόν
- 6 bon twal siperyè koulè violèt, ble ak wouj, twal fen blan ak twal pwès fèt ak pwal kabrit,
And blue and purple and red and the best linen and goats' hair,
ὑάκινθον πορφύραν κόκκινον διπλοῦν διανενησμένον καὶ βύσσον κεκλωσμένην καὶ τρίχας αἰγείας
- 7 po belye tenn koulè wouj, po bazann, ak bwa zakasya,
And sheepskins coloured red, and leather, and hard wood,
καὶ δέρματα κριῶν ἠρυθροδανωμένα καὶ δέρματα ὑάκινθινα καὶ ξύλα ἄσηπτα
- 9 pyè oniks ak lòt pyè pou gani jile ak plastwon prèt la.
And beryls and jewels to be cut for the ephod and for the priest's bag.
καὶ λίθους σαρδίῳ καὶ λίθους εἰς τὴν γλυφὴν εἰς τὴν ἐπωμίδα καὶ τὸν ποδήρη
- 10 Se pou tout moun pami nou ki gen ladrès vin jwenn mwen pou yo fè travay Seyè a bay lòd fè a:
And let every wise-hearted man among you come and make whatever has been ordered by the Lord;
καὶ πᾶς σοφὸς τῆ καρδία ἐν ὑμῖν ἐλθὼν ἐργαζέσθω πάντα ὅσα συνέταξεν κύριος
- 11 kay Bondye a avèk tant lan, twati li, kwòk li yo, ankadremman li yo, travès li yo, potò li yo ak tout sipò yo,
The House and its tent and its cover, its hooks and its boards, its rods and its pillars and its bases;
τὴν σκηνὴν καὶ τὰ παραρρύματα καὶ τὰ καλύμματα καὶ τὰ διατόνια καὶ τοὺς μοχλοὺς καὶ τοὺς στύλους
- 12 Bwat kontra a ak manch li yo, kouvèti bwat la, ak rido pou kache bwat la,
The ark with its cover and its rods and the veil hanging before it;
καὶ τὴν κιβωτὸν τοῦ μαρτυρίου καὶ τοὺς ἀναφορεῖς αὐτῆς καὶ τὸ ἱλαστήριον αὐτῆς καὶ τὸ καταπέτασμα [12a] καὶ τὰ ἱστία τῆς αὐλῆς καὶ τοὺς στύλους αὐτῆς καὶ τοὺς λίθους τῆς σμαράγδου καὶ τὸ θυμίαμα καὶ τὸ ἔλαιον τοῦ χρίσματος
- 13 tab la avèk manch li yo ansanm ak tout bagay pou sèvi ak li, ak pen yo ofri bay Bondye a tou,
The table and its rods and all its vessels, and the holy bread;
καὶ τὴν τράπεζαν καὶ πάντα τὰ σκεύη αὐτῆς
- 14 gwo lanp sèt branch lan ak tout bagay ki sèvi avè l' yo, tèt lanp yo ak lwil pou lanp yo,
And the support for the lights, with its vessels and its lights and the oil for the light;
καὶ τὴν λυχνίαν τοῦ φωτὸς καὶ πάντα τὰ σκεύη αὐτῆς
- 16 lòtèl pou boule nan dife bèt yo ofri bay Bondye, avèk griyaj an kwiv li a, ak tout manch li yo ak tout bagay ki pou sèvi avè l' yo, basen lan ak tout pye li,
The altar of burned offerings, with its network of brass, its rods, and all its vessels, the washing-vessel and its base;
καὶ τὸ θυσιαστήριον καὶ πάντα τὰ σκεύη αὐτοῦ

- 19 bèl rad seremoni pou prèt yo mete sou yo lè y'ap fè sèvis nan kote ki apa pou Bondye a, rad pou Arawon, prèt la, ak rad pou pitit gason l' yo lè y'ap fè travay prèt yo.
The robes of needlework for the work of the holy place, the holy robes for Aaron the priest, and the robes for his sons when acting as priests.
 και τὰς στολὰς τὰς ἁγίας ααρων τοῦ ἱερέως και τὰς στολὰς ἐν αἷς λειτουργήσουσιν ἐν αὐταῖς και τοὺς χιτῶνας τοῖς υἱοῖς ααρων τῆς ἱερατείας και τὸ ἔλαιον τοῦ χρίσματος και τὸ θυμίαμα τῆς συνθέσεως
- 20 ¶ Lè Moyiz fin di yo sa, tout pèp Izrayèl la al lakay yo.
And all the children of Israel went away from Moses.
 και ἐξῆλθεν πᾶσα συναγωγὴ υἱῶν ἰσραηλ ἀπὸ μουσῆ
- 21 Apre sa, tout moun ki te sot pou bay ak tout kè yo, ki te vle fè ofrann, tounen vin jwenn li. Yo te pran nan sa yo genyen, yo pote ofri bay Seyè a pou fè Tant Randevou a, pou fè tout bagay yo bezwen pou sèvis li ansanm ak rad seremoni yo.
And everyone whose heart was moved, everyone who was guided by the impulse of his spirit, came with his offering for the Lord, for whatever was needed for the Tent of meeting and its work and for the holy robes.
 και ἤνεγκαν ἕκαστος ὧν ἔφερον αὐτῶν ἡ καρδιά και ὅσοις ἔδοξεν τῇ ψυχῇ αὐτῶν ἤνεγκαν ἀφαιρέμα κυρίῳ εἰς πάντα τὰ ἔργα τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου και εἰς πάντα τὰ κάτεργα αὐτῆς και εἰς πάσας τὰς στολὰς τοῦ ἁγίου
- 22 Tout moun ki te sot pou bay ak tout kè yo pou fè ofrann, fanm kou gason, yo vini, yo pote zanno, bag, kolye, braslè ak tout kalite bijou an lò. Chak moun te pote bijou an lò yo te mete apa pou Bondye.
They came, men and women, all who were ready to give, and gave pins and nose-rings and finger-rings and neck-ornaments, all of gold; everyone gave an offering of gold to the Lord.
 και ἤνεγκαν οἱ ἄνδρες παρὰ τῶν γυναικῶν πᾶς ᾧ ἔδοξεν τῇ διανοίᾳ ἤνεγκαν σφραγίδας και ἐνώτια και δακτυλίους και ἐμπλόκια και περιδέξια πᾶν σκεῶς χρυσοῦν και πάντες ὅσοι ἤνεγκαν ἀφαιρέμα τα χρυσοῦ κυρίῳ
- 23 Tout moun ki te gen bon twal siperyè koulè ble, koule violèt osinon koulè wouj, twal fen blan, twal pwès fèt ak pwal kabrit, po belye tenn koulè wouj, ou ankò po bazann, tout moun ki te gen bagay sa yo lakay yo pote yo vini.
And everyone who had blue and purple and red and the best linen and goats' hair and sheepskins coloured red and leather, gave them.
 και παρ' ᾧ εὐρέθη βύσσος και δέρματα ὑακίνθινα και δέρματα κριῶν ἡρυθροδανωμένα ἤνεγκαν
- 24 Tout moun ki te vle ofri ajan ak kwiv devan Seyè a, yo te pote l', yo te leve l' devan Seyè a. Tout moun ki te gen bwa zakasya lakay yo ki te ka sèvi nan travay la te pote l'.
Everyone who had silver and brass gave an offering of them to the Lord; and everyone who had hard wood, such as was needed for the work, gave it.
 και πᾶς ὁ ἀφαιρῶν ἀφαιρέμα ἀργύριον και χαλκὸν ἤνεγκαν τὰ ἀφαιρέματα κυρίῳ και παρ' οἷς εὐρέθη ξύλα ἄσηπτα εἰς πάντα τὰ ἔργα τῆς κατασκευῆς ἤνεγκαν
- 25 Tout fanm ki te gen ladrès te file fil koulè ble, violèt ak wouj, ak twal fen koulè blan, epi yo pote yo vini.
And all the women who were expert with their hands, made cloth, and gave the work of their hands, blue and purple and red and the best linen.
 και πᾶσα γυνὴ σοφὴ τῇ διανοίᾳ ταῖς χερσὶν νήθειν ἤνεγκαν νενησμένα τὴν ὑακίνθον και τὴν πορφύραν και τὸ κόκκινον και τὴν βύσσον
- 26 Tout fanm ki te sot pou fè kichòy ak tout kè yo te fè twal pwès ak pwal kabrit, yo pote yo vini tou.
And those women who had the knowledge, made the goats' hair into cloth.
 και πᾶσαι αἱ γυναῖκες αἷς ἔδοξεν τῇ διανοίᾳ αὐτῶν ἐν σοφίᾳ ἔνησαν τὰς τρίχας τὰς αἰγείας
- 27 Chèf yo menm te pote pyè oniks ak lòt pyè pou yo gani jile ak plastwon prèt la,
And the rulers gave the beryls and the cut jewels for the ephod and the priest's bag;
 και οἱ ἄρχοντες ἤνεγκαν τοὺς λίθους τῆς σμαράγδου και τοὺς λίθους τῆς πληρώσεως εἰς τὴν ἐπωμίδα και εἰς τὸ λογεῖον
- 28 ansanm ak epis santi bon ak lwil pou lanp sèt branch lan, lwil yo sèvi pou mete moun apa pou Bondye, ak lansan santi bon.
And the spice and the oil for the light, and the holy oil and the sweet perfumes.
 και τὰς συνθέσεις και τὸ ἔλαιον τῆς χρίσεως και τὴν σύνθεσιν τοῦ θυμιάματος
- 29 Se konsa tout moun pèp Izrayèl ki te sot pou bay kichòy ak tout kè yo pou travay Seyè a te di Moyiz ba yo lòd fè a, fanm kou gason, yo te pote ofrann yo te vle fè bay Seyè a.
The children of Israel, every man and woman, from the impulse of their hearts, gave their offerings freely to the Lord for the work which the Lord had given Moses orders to have done.
 και πᾶς ἀνὴρ και γυνὴ ὧν ἔφερον ἡ διάνοια αὐτῶν εἰσελθόντας ποιεῖν πάντα τὰ ἔργα ὅσα συνέταξεν κύριος ποιῆσαι αὐτὰ διὰ μουσῆ ἤνεγκαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἀφαιρέμα κυρίῳ
- 30 ¶ Moyiz di pèp Izrayèl la: -Gade. Seyè a chwazi Bezaleyèl, pitit Ouri a, pitit pitit Our, nan branch fanmi Jida a.
And Moses said to the children of Israel, See, the Lord has made selection of Bezalel, the son of Uri, the son of Hur, of the tribe of Judah;
 και εἶπεν μουσῆς τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ἰδοὺ ἀνακέκληκεν ὁ θεὸς ἐξ ὀνόματος τὸν βεσελεηλ τὸν τοῦ ουριου τὸν ὦρ ἐκ φυλῆς ἰουδα

- 31 Li mete lespri l' sou li an kantite pou l' ba li ladrès, konesans ak bon konprann pou l' fè tout kalite travay atizan yo konn fè a,
And he has made him full of the spirit of God, in all wisdom and knowledge and art of every sort;
 και ἐνέπλησεν αὐτὸν πνεῦμα θεῖον σοφίας και συνέσεως και ἐπιστήμης πάντων
- 32 pou l' konn fè bèl desen, pou l' fè travay an lò, an ajan ak an kwiv,
As an expert designer of beautiful things, working in gold and silver and brass;
 ἀρχιτεκτονεῖν κατὰ πάντα τὰ ἔργα τῆς ἀρχιτεκτονίας ποιεῖν τὸ χρυσίον και τὸ ἀργύριον και τὸν χαλκὸν
- 33 pou l' travay pyè tankou òfèn yo konn fè a, epi pou l' konn moute yo, pou l' travay bwa, pou l' ka fè tout kalite travay atizan konn fè.
Trained in the cutting of stones and the ornamenting of wood and in every sort of handwork.
 και λιθουργῆσαι τὸν λίθον και κατεργάζεσθαι τὰ ξύλα και ποιεῖν ἐν παντὶ ἔργῳ σοφίας
- 34 Bondye ba li don pou l' moutre lòt moun metye sa yo. Se menm jan an tou pou Owoliyab, pitit Ayisamak, nan branch fanmi Dann lan.
And he has given to him, and to Oholiab, the son of Ahisamach, of the tribe of Dan, the power of training others.
 και προβιβάσαι γε ἔδωκεν αὐτῷ ἐν τῇ διανοίᾳ αὐτῷ τε και ελιαβ τῷ τοῦ αχισαμακ ἐκ φυλῆς δαν
- 35 Seyè a ba yo konesans ak ladrès pou yo ka fè tout kalite travay atizan ka fè, desen sou bwa, bon twal koulè ble, violèt ak wouj, twal fen blan. Wi, li ba yo ladrès pou yo ka fè tout metye, pou yo ka fè tout kalite bèl bagay.
To them he has given knowledge of all the arts of the handworker, of the designer, and the expert workman; of the maker of needlework in blue and purple and red and the best linen, and of the maker of cloth; in all the arts of the designer and the trained workman they are expert.
 ἐνέπλησεν αὐτοὺς σοφίας και συνέσεως διανοίας πάντα συνιέναι ποιῆσαι τὰ ἔργα τοῦ ἁγίου και τὰ ὑφαντὰ και ποικιλτὰ ὑφᾶνα τῷ κοκκίνῳ και τῇ βύσσῳ ποιεῖν πᾶν ἔργον ἀρχιτεκτονίας ποικιλίας
- 1 ¶ Bezaleyèl, Owoliyab ansanm ak tout moun ki gen konprann, tout moun Seyè a te bay ladrès ak konesans pou yo ka fè tou sa ki nesèsè pou kay Bondye a, se pou yo fè tout bagay jan Seyè a te bay lòd la.
So let Bezalel and Oholiab get to work, with every wise-hearted man to whom the Lord has given wisdom and knowledge, to do whatever is necessary for the ordering of the holy place, as the Lord has given orders.
 και ἐποίησεν βεσελεηλ και ελιαβ και πᾶς σοφὸς τῇ διανοίᾳ ᾧ ἔδόθη σοφία και ἐπιστήμη ἐν αὐτοῖς συνιέναι ποιεῖν πάντα τὰ ἔργα κατὰ τὰ ἅγια καθήκοντα κατὰ πάντα ὅσα συνέταξεν κύριος
- 2 Moyiz fè rele Bezaleyèl, Owoliyab ansanm ak tout lòt bòs atizan Bondye te bay ladrès ak konesans. Li fè rele tout moun ki te vle pou yo mete men nan travay la ak tout kè yo.
Then Moses sent for Bezalel and Oholiab, and for all the wise-hearted men to whom the Lord had given wisdom, even everyone who was moved by the impulse of his heart to come and take part in the work:
 και ἐκάλεσεν μουσῆς βεσελεηλ και ελιαβ και πάντας τοὺς ἔχοντας τὴν σοφίαν ᾧ ἔδωκεν ὁ θεὸς ἐπιστήμην ἐν τῇ καρδίᾳ και πάντας τοὺς ἐκουσίως βουλομένους προσπορεύεσθαι πρὸς τὰ ἔργα ὥστε συ τελεεῖν αὐτὰ
- 3 Yo resevwa nan men Moyiz tout ofrann moun pèp Izrayèl yo te pote pou fè tou sa ki nesèsè pou kay Bondye a. Y al travay. Moun Izrayèl yo menm te toujou ap pote ofrann yo bay Moyiz chak maten, san pesonn pa t' fòse yo.
And they took from Moses all the offerings which the children of Israel had given for the building of the holy place. And still they went on giving him more free offerings every morning.
 και ἔλαβον παρὰ μουσῆ πάντα τὰ ἀφαιρέματα ἃ ἤνεγκαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ εἰς πάντα τὰ ἔργα τοῦ ἁγίου ποιεῖν αὐτὰ και αὐτοὶ προσεδέχοντο ἔτι τὰ προσφερόμενα παρὰ τῶν φερόντων τὸ πρωὶ πρωὶ
- 4 Lè sa a, tout bòs atizan ki t'ap travay pou kay Bondye a kite travay yo t'ap fè a, yo vin jwenn Moyiz.
Then the wise men, who were doing all the work of the holy place, came from their work;
 και παρεγίνοντο πάντες οἱ σοφοὶ οἱ ποιοῦντες τὰ ἔργα τοῦ ἁγίου ἕκαστος κατὰ τὸ αὐτοῦ ἔργον ὃ αὐτοὶ ἠργάζοντο
- 5 Yo di l' konsa: -Pèp la pote depase sa nou bezwen pou nou fini ak travay Seyè a te bay lòd fè a.
And said to Moses, The people are giving much more than is needed for the work which the Lord has given us orders to do.
 και εἶπαν πρὸς μουσῆν ὅτι πλῆθος φέρει ὁ λαὸς παρὰ τὰ ἔργα ὅσα συνέταξεν κύριος ποιῆσαι
- 6 Lè sa a, Moyiz fè pibliye lòd sa a nan tout kan an: -Pesonn, ni gason ni fanm, pa bezwen pote ankenn ofrann pou kay Bondye a ankò. Se konsa, yo te fè moun yo sispann pote lòt ofrann.
So Moses made an order and had it given out through all the tents, saying, Let no man or woman make any more offerings for the holy place. So the people were kept from giving more.
 και προσέταξεν μουσῆς και ἐκίρυσεν ἐν τῇ παρεμβολῇ λέγων ἀνὴρ και γυνὴ μηκέτι ἐργαζέσθωσαν εἰς τὰς ἀπαρχὰς τοῦ ἁγίου και ἐκωλύθη ὁ λαὸς ἔτι προσφέρειν
- 7 Sa yo te pote deja a te menm twòp pou travay ki te gen pou fèt la.
For the material they had was enough and more than enough for all the work which had to be done.
 και τὰ ἔργα ἦν αὐτοῖς ἱκανὰ εἰς τὴν κατασκευὴν ποιῆσαι και προσκατέλιπον

- 8 ¶ Yo pran ouvriye ki te pi abil nan travay la pou fè tant lan. Yo fè l' ak dis lèz twal fen blan tise byen sere, twal lenn koulè ble, violet, wouj, avèk pòtre zanj cheriben bwode byen bèl sou tout kò l'.
Then all the expert workmen among them made the House with its ten curtains; of the best linen, blue and purple and red, they made them, with winged ones worked by expert designers.
καὶ ἐποίησεν πᾶς σοφὸς ἐν τοῖς ἐργαζομένοις τὰς στολὰς τῶν ἁγίων αἱ εἰσὶν αἰῶν τῷ ἱερεὶ καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 9 Chak lèz te mezire katòz mèl longè, de mèl lajè. Tout lèz yo te menm gwochè.
Every curtain was twenty-eight cubits long and four cubits wide, all of the same measure.
καὶ ἐποίησαν τὴν ἐπωμίδα ἐκ χρυσοῦ καὶ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου νενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης
- 10 Yo pran senk lèz, yo koud yo ansanm. Apre sa, yo fè menm bagay la tou ak senk lòt lèz yo.
And five curtains were joined together, and the other five curtains were joined together.
καὶ ἐτήθη τὰ πέταλα τοῦ χρυσοῦ τρίχες ὥστε συνυφᾶναι σὺν τῇ ὑακίνθῳ καὶ τῇ πορφύρᾳ καὶ σὺν τῷ κοκκίνῳ τῷ διανενησμένῳ καὶ σὺν τῇ βύσσῳ τῇ κεκλωσμένῃ ἔργον ὑφαντὸν
- 11 Yo pran kòdon fèt ak twal ble, yo fè pasan, yo moute yo sou rebò dènye lèz nan chak gwoup.
And they put twists of blue cord on the edge of the outside curtain of the first group, and in the same way on the outside curtain of the second group.
ἐποίησαν αὐτὸ ἐπωμίδας συνεχούσας ἐξ ἀμφοτέρων τῶν μερῶν
- 12 Yo mete senkant pasan nan premye lèz premye gwoup la ak senkant pasan nan dènye lèz dezyèm gwoup la yon jan pou yo koresponn de pa de.
Fifty twists on the one curtain and fifty on the edge of the curtain of the other group; the twists being opposite to one another.
ἔργον ὑφαντὸν εἰς ἄλληλα συμπλεγμένον καθ' ἑαυτὸ ἐξ αὐτοῦ ἐποίησαν κατὰ τὴν αὐτοῦ ποίησιν ἐκ χρυσοῦ καὶ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου διανενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 13 Yo te fè senkant ti kwòk an lò. Yo pase kwòk yo nan pasan yo pou kenbe de gwoup rido yo ansanm. Se konsa, yo te fè yon sèl tant pou sèvi kay kote pou Bondye rete a.
And they made fifty hooks of gold, joining the curtains one to another with the hooks; and so the House was made.
καὶ ἐποίησαν ἀμφοτέρους τοὺς λίθους τῆς σμαράγδου συμπεπορημένους καὶ περισεσιαλωμένους χρυσοῖ γεγλυμένους καὶ ἐκκεκολαμμένους ἐκκόλαμμα σφραγίδος ἐκ τῶν ὀνομάτων τῶν υἱῶν ἰσραηλ
- 14 ¶ Apre sa, yo fè onz lèz twal ak pwal kabrit pou kouvri tant kote Bondye rete a.
And they made curtains of goats' hair for the tent; eleven curtains were made.
καὶ ἐπέθηκεν αὐτοὺς ἐπὶ τοὺς ὄμους τῆς ἐπωμίδος λίθους μνημοσύνου τῶν υἱῶν ἰσραηλ καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 15 Tout onz lèz yo te menm gwochè, chak te mezire kenx mèl longè ak de mèl lajè.
Every curtain was thirty cubits long and four cubits wide, all of the same measure.
καὶ ἐποίησαν λογεῖον ἔργον ὑφαντὸν ποικιλία κατὰ τὸ ἔργον τῆς ἐπωμίδος ἐκ χρυσοῦ καὶ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου διανενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης
- 16 Yo pran senk lèz, yo koud yo ansanm sou yon bò. Apre sa, yo fè menm bagay la ak sis lòt lèz yo apa.
Five curtains were joined together to make one group, and six curtains were joined together to make the other group.
τετράγωνον διπλοῦν ἐποίησαν τὸ λογεῖον σπιθαμῆς τὸ μήκος καὶ σπιθαμῆς τὸ εὖρος διπλοῦν
- 17 Yo mete senkant pasan sou rebò dènye lèz nan premye gwoup la ak senkant pasan sou rebò dènye lèz nan dezyèm gwoup la.
And they put fifty twists of cord on the edge of the outside curtain of the first group, and fifty twists on the edge of the outside curtain of the second group,
καὶ συνυφάνθη ἐν αὐτῷ ὕφασμα κατὰλιθον τετράστιχον στίχος λίθων σάρδιον καὶ τοπάζιον καὶ σμάραγδος ὁ στίχος ὁ εἶς
- 18 Yo fè senkant ti kwòk an kwiv pou kenbe de gwoup lèz yo ansanm, pou yo ka fè yon sèl tant.
And fifty hooks of brass for joining them together to make the tent.
καὶ ὁ στίχος ὁ δεῦτερος ἄνθραξ καὶ σάφειρος καὶ ἰασπις
- 19 Yo fè yon kouvèti pou tant lan ak po belye tenn koulè wouj. Apre sa, yo fè yon lòt kouvèti ak po bazann pou ale anwo kouvèti ki fèt ak po belye a.
And they made a cover of sheepskins coloured red, to go over the tent, and a cover of leather over that.
καὶ ὁ στίχος ὁ τρίτος λιγύριον καὶ ἀχάτης καὶ ἀμέθυστος
- 20 Yo te fè ankadreman an bwa zakasya pou soutni tant Bondye a.
And for the uprights of the House they made boards of hard wood.
καὶ ὁ στίχος ὁ τέταρτος χρυσόλιθος καὶ βηρόλλιον καὶ ὄνυχιον περικεκυκλωμένα χρυσοῖ καὶ συνδεδεμένα χρυσοῖ

- 21 Chak ankadreman te mezire kenz pye longè sou vennsèt pous lajè.
The boards were ten cubits long and one cubit and a half wide.
καὶ οἱ λίθοι ἦσαν ἐκ τῶν ὀνομάτων τῶν υἰῶν ἰσραὴλ δώδεκα ἐκ τῶν ὀνομάτων αὐτῶν ἐγγεγραμμένα εἰς σφραγίδας ἕκαστος ἐκ τοῦ ἑαυτοῦ ὀνόματος εἰς τὰς δώδεκα φυλάς
- 22 Yo chak te gen de bout ki depase ki te penmèt mare yo yonn ak lòt. Yo fè tout ankadreman kay la menm jan an tou.
Every board had two tongues fixed into it; all the boards were made in this way.
καὶ ἐποίησαν ἐπὶ τὸ λογεῖον κροσσούς συμπλεγμένους ἔργον ἐμπλοκίου ἐκ χρυσοῦ καθαροῦ
- 23 Yo te fè ven ankadreman pou fasad sid la.
They made twenty boards for the south side of the House:
καὶ ἐποίησαν δύο ἀσπιδίσκας χρυσαῖς καὶ δύο δακτυλίους χρυσοῦς καὶ ἐπέθηκαν τοὺς δύο δακτυλίους τοὺς χρυσοῦς ἐπ' ἀμφοτέρας τὰς ἀρχὰς τοῦ λογεῖου
- 24 Yo fè karant sipò an ajan pou ale anba pye ankadreman yo, de sipò pou chak ankadreman.
And for these twenty boards, forty silver bases, two bases under every board, to take its tongues.
καὶ ἐπέθηκαν τὰ ἐμπλόκια ἐκ χρυσοῦ ἐπὶ τοὺς δακτυλίους ἐπ' ἀμφοτέρων τῶν μερῶν τοῦ λογεῖου
- 25 Yo fè ven ankadreman pou fasad nò a,
And for the second side of the House, on the north, they made twenty boards,
καὶ εἰς τὰς δύο συμβολὰς τὰ δύο ἐμπλόκια καὶ ἐπέθηκαν ἐπὶ τὰς δύο ἀσπιδίσκας καὶ ἐπέθηκαν ἐπὶ τοὺς ὄμους τῆς ἐπωμίδος ἐξ ἐναντίας κατὰ πρόσωπον
- 26 ak karant sipò an ajan, de pou chak ankadreman.
With their forty silver bases, two bases for every board.
καὶ ἐποίησαν δύο δακτυλίους χρυσοῦς καὶ ἐπέθηκαν ἐπὶ τὰ δύο περὺγια ἐπ' ἄκρου τοῦ λογεῖου ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ ὀπισθίου τῆς ἐπωμίδος ἔσωθεν
- 27 Pou fasad lwès kay Bondye a, ki bay sou dèyè, yo fè sis ankadreman
And for the west side of the House, at the back, they made six boards,
καὶ ἐποίησαν δύο δακτυλίους χρυσοῦς καὶ ἐπέθηκαν ἐπ' ἀμφοτέρας τοὺς ὄμους τῆς ἐπωμίδος κάτωθεν αὐτοῦ κατὰ πρόσωπον κατὰ τὴν συμβολὴν ἄνωθεν τῆς συνουφῆς τῆς ἐπωμίδος
- 28 ak de lòt ankadreman ki pou fè kwen ki sou deyè kay Bondye a.
And two boards for the angles at the back.
καὶ συνέσφιγγεν τὸ λογεῖον ἀπὸ τῶν δακτυλίων τῶν ἐπ' αὐτοῦ εἰς τοὺς δακτυλίους τῆς ἐπωμίδος συνεχομένους ἐκ τῆς ὑακίνθου συμπλεγμένους εἰς τὸ ὕφασμα τῆς ἐπωμίδος ἵνα μὴ χαλάται τὸ λογεῖον ἀπὸ τῆς ἐπωμίδος καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῇ
- 29 Kwen yo te mare yonn ak lòt pa anba, yo te bout-a-bout jouk anwo nan gwo bag la. Se konsa yo te moute de ankadreman ki te fè de kwen yo.
These were joined together at the base and at the top to one ring, so forming the two angles.
καὶ ἐποίησαν τὸν ὑποδύτην ὑπὸ τὴν ἐπωμίδα ἔργον ὕφαντὸν ὅλον ὑακίνθινον
- 30 Konsa sa te fè wit ankadreman ak sèz sipò an ajan, de sipò pou chak ankadreman.
So there were eight boards with sixteen bases of silver, two bases under every board.
τὸ δὲ περιστόμιον τοῦ ὑποδύτου ἐν τῷ μέσῳ διωφασμένον συμπλεκτὸν ὣς ἔχον κύκλῳ τὸ περιστόμιον ἀδιάλυτον
- 31 Apre sa, yo fè travès yo an bwa zakasya. Yo mete senk pou ankadreman sou yon bò kay Bondye a,
And they made rods of hard wood; five for the boards on one side of the House,
καὶ ἐποίησαν ἐπὶ τοῦ λώματος τοῦ ὑποδύτου κάτωθεν ὡς ἔξανθοῦσης ῥόας ῥοίσκους ἐξ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου νενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης
- 32 senk pou ankadreman sou lòt bò a ak senk pou ankadreman sou bò lwès la pa dèyè.
And five for the boards on the other side of the House, and five for the boards at the back, on the west.
καὶ ἐποίησαν κώδωνας χρυσοῦς καὶ ἐπέθηκαν τοὺς κώδωνας ἐπὶ τὸ λῶμα τοῦ ὑποδύτου κύκλῳ ἀνὰ μέσον τῶν ῥοίσκων
- 33 Yo fè travès mitan an yon jan pou l' pase nan ren ankadreman yo, depi yon bout rive nan lòt bout la.
The middle rod was made to go right through the rings of all the boards from one end to the other.
κώδων χρυσοῦς καὶ ῥοίσκος ἐπὶ τοῦ λώματος τοῦ ὑποδύτου κύκλῳ εἰς τὸ λειτουργεῖν καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῇ
- 34 Yo te kouvri ankadreman yo ak lò. Yo te fè bag an lò pou kenbe travès yo. Apre sa, yo kouvri tout travès yo ak lò tou.
All the boards were plated with gold, and the rings through which the rods went were of gold, and the rods were plated with gold.
καὶ ἐποίησαν χιτῶνας βυσσίνους ἔργον ὕφαντὸν ααρὼν καὶ τοῖς υἰοῖς αὐτοῦ

- 35 ¶ Yo fè rido a ak bon twal koulè ble, violèt epi wouj ansanm ak twal fen blan tise byen sere, avèk pòtre zanj cheriben bwode byen bèl sou tout kò l'.
And he made the veil of the best linen, blue and purple and red, worked with winged ones designed by expert workmen.
καὶ τὰς κιδάρεις ἐκ βύσσου καὶ τὴν μίτραν ἐκ βύσσου καὶ τὰ περισκελῆ ἐκ βύσσου κεκλωσμένης
- 36 Yo fè kat poto an bwa zakasya pou rido a. Yo te kouvri yo ak lò, yo moute kwòk an lò sou yo. Yo travay kat sipò an ajan pou poto yo.
And they made four pillars for it of hard wood plated with gold: they had hooks of gold and four silver bases.
καὶ τὰς ζώνας αὐτῶν ἐκ βύσσου καὶ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου νενησμένου ἔργον ποικιλτοῦ ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 37 Pou fèmen kote yo antre nan tant lan, yo fè yon rido ak bon twal ble, violèt ak wouj, ansanm ak twal fen blan tise byen sere, bwode sou tout kò l'.
And they made a curtain for the door of the tent, of the best linen with needlework of blue and purple and red;
καὶ ἐποίησαν τὸ πέταλον τὸ χρυσοῦν ἀφόρισμα τοῦ ἀγίου χρυσίου καθαροῦ καὶ ἔγραψεν ἐπ' αὐτοῦ γράμματα ἐκτετυπωμένα σφραγίδος ἀγίασμα κυρίου
- 38 Yo fè senk poto avèk kwòk. Yo kouvri tèt poto yo ak trenng pou soutni rido yo ak lò. Epi yo fè senk sipò an kwiv pou poto yo.
And five pillars for the curtain, with their hooks; the heads of the pillars were of gold and they were circled with bands of gold; and their five bases were of brass.
καὶ ἐπέθηκαν ἐπ' αὐτὸ λῶμα ὑακίνθινον ὥστε ἐπικεῖσθαι ἐπὶ τὴν μίτραν ἄνωθεν ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 1 ¶ Bezaleyèl te fè Bwat Kontra a an bwa zakasya. Bwat la te mezire twa pye nèf pous longè, de pye twa pous lajè ak de pye twa pous wotè.
And Bezalel made the ark of hard wood, two and a half cubits long, a cubit and a half wide and a cubit and a half high;
καὶ ἐποίησαν τῆ σκινηῇ δέκα ἀυλαίας
- 2 Li kouvri l' nèl, andedan kou deyò, ak pi bon kalite lò ki genyen. Li mete yon bòdi an lò fè wonn li.
Plating it inside and out with the best gold, and putting an edge of gold all round it.
ὀκτῶ καὶ εἴκοσι πήχεων μήκος τῆς ἀυλαίας τῆς μιᾶς τὸ αὐτὸ ἦσαν πᾶσαι καὶ τεσσάρων πηχῶν τὸ εὖρος τῆς ἀυλαίας τῆς μιᾶς
- 3 Li fonn lò pou fè kat gwo bag tou won pou bwat la. Li moute yonn sou chak kwen bwat la, de chak bò.
And he made four gold rings for its four angles, two on one side and two on the other,
καὶ ἐποίησαν τὸ καταπέτασμα ἐξ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου νενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης ἔργον ὑφάντου χερουβιμ
- 4 Li fè de jenn ti poto an bwa zakasya, li kouvri yo nèl ak lò.
And rods of the same wood plated with gold.
καὶ ἐπέθηκαν αὐτὸ ἐπὶ τέσσαρας στύλους ἀσήπτους κατακεχρυσωμένους ἐν χρυσίῳ καὶ αἱ κεφαλίδες αὐτῶν χρυσαὶ καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν τέσσαρες ἀργυραῖ
- 5 Li pase poto yo nan twou bag yo, yonn sou chak bò bwat la pou yo te kapab pote l' kote yo vle.
These rods he put in the rings at the sides of the ark, for lifting it.
καὶ ἐποίησαν τὸ καταπέτασμα τῆς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου ἐξ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου νενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης ἔργον ὑφάντου χερουβιμ
- 6 Li fè yon kouvèti an bon lò pou bwat la. Kouvèti a te mezire twa pye nèf pous longè ak de pye twa pous lajè.
And he made the cover all of gold, two and a half cubits long and a cubit and a half wide.
καὶ τοὺς στύλους αὐτοῦ πέντε καὶ τοὺς κρίκους καὶ τὰς κεφαλίδες αὐτῶν καὶ τὰς ψαλίδας αὐτῶν κατεχρύσωσαν χρυσίῳ καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν πέντε χαλκαῖ
- 7 Li pran de gwo moso lò, li bat yo ak mato, li fè pòtre de zanj cheriben li moute sou de pwent kouvèti a,
And he made two winged ones, hammered out of one bit of gold, for the two ends of the cover;
καὶ ἐποίησαν τὴν αὐλήν τὰ πρὸς λίβα ἰστία τῆς αὐλῆς ἐκ βύσσου κεκλωσμένης ἑκατὸν ἐφ' ἑκατόν
- 8 yonn sou bò gòch, lòt la sou bò dwat. Li fè yo tankou si yo te fè yon sèl pyès ak kouvèti a.
Placing one at one end and one at the other; the winged ones were part of the cover.
καὶ οἱ στῦλοι αὐτῶν εἴκοσι καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν εἴκοσι
- 9 Zanj cheriben yo te gen zèl yo louvri anwo tèt yo pou kouvri kouvèti a. Yo te yonn anfas lòt, avèk tèt yo bese ap gade kouvèti a.
And their wings were stretched out over the cover; the faces of the winged ones were opposite one another and facing the cover.
καὶ τὸ κλίτος τὸ πρὸς βορρᾶν ἑκατὸν ἐφ' ἑκατόν καὶ οἱ στῦλοι αὐτῶν εἴκοσι καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν εἴκοσι
- 10 ¶ Li fè tab la an bwa zakasya. Tab la te mezire twa pye longè, yon pye sis pous lajè ak de pye twa pous wotè.
And he made the table of hard wood, two cubits long, a cubit wide and a cubit and a half high;
καὶ τὸ κλίτος τὸ πρὸς θάλασσαν ἀυλαῖαι πενήκοντα πήχεων στῦλοι αὐτῶν δέκα καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν δέκα

- 11 Li kouvri l' nèt ak pi bon lò ki genyen, li mete yon bòdi an lò fè wonn li.
Plating it with the best gold and putting a gold edge all round it.
καὶ τὸ κλίτος τὸ πρὸς ἀνατολὰς πενήκοντα πήχεων
- 12 Li mete yon ankadreman kat pous lajè anba desi a fè wonn tab la. Epi li kouvri tout ankadreman an ak yon plak lò.
And he made a frame all round it about as wide as a man's hand, edged with gold all round.
ἰστία πεντεκαίδεκα πήχεων τὸ κατὰ νότου καὶ οἱ στῦλοι αὐτῶν τρεῖς καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν τρεῖς
- 13 Li fè kat gwo bag tou won an lò. Li moute yo nan kat kwen tab la kote pye yo moute a.
And he made four gold rings, and put the rings at the angles of its four feet.
καὶ ἐπὶ τοῦ νότου τοῦ δευτέρου ἔνθεν καὶ ἔνθεν κατὰ τὴν πύλην τῆς αὐλῆς ἀλαῖαι πεντεκαίδεκα πήχεων καὶ οἱ στῦλοι αὐτῶν τρεῖς καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν τρεῖς
- 14 Li te moute bag won yo toupren ankadreman an. Se nan twou bag yo yo pase potò bwa ki pou sèvi pou pote tab la.
The rings were fixed under the frame to take the rods with which the table was to be lifted.
πᾶσαι αἱ ἀλαῖαι τῆς αὐλῆς ἐκ βύσσου κεκλωσμένης
- 15 Li fè potò yo ak bwa zakasya, epi li kouvri yo nèt ak lò. Se potò sa yo ki sèvi pou pote tab la.
The rods for lifting the table he made of hard wood plated with gold.
καὶ αἱ βάσεις τῶν στύλων χαλκαῖ καὶ αἱ ἀγκύλαι αὐτῶν ἀργυραῖ καὶ αἱ κεφαλίδες αὐτῶν περιηργυρωμένοι ἀργυρίῳ καὶ οἱ στῦλοι περιηργυρωμένοι ἀργυρίῳ πάντες οἱ στῦλοι τῆς αὐλῆς
- 16 Li fè tout bagay ki pou ale sou tab la: asyèt, bòl, tas, gode, bagay ki pou sèvi lè y'ap fè sèvis pou Bondye. Li fè yo ak pi bon lò ki genyen.
And all the table-vessels, the plates and spoons and basins and the cups for liquids, he made of the best gold.
καὶ τὸ καταπέτασμα τῆς πύλης τῆς αὐλῆς ἔργον ποικιλτοῦ ἐξ ὑακίνθου καὶ πορφύρας καὶ κοκκίνου νενησμένου καὶ βύσσου κεκλωσμένης εἴκοσι πήχεων τὸ μῆκος καὶ τὸ ὕψος καὶ τὸ εὖρος πέντε πήχεων ἐξισοῦμενον τοῖς ἰστίοις τῆς αὐλῆς
- 17 Li fè gwo lanp sèt branch lan ak pi bon lò ki genyen. Li pran yon sèl mosò lò pou li fè lanp sèt branch lan: kò li, branch li yo, flè yo, boujon yo, ak fèy yo ki te fè yon sèl pyès ak li.
Then he made the support for the lights, all of the best gold; its base and its pillar were of hammered gold; its cups and buds and flowers were all made out of the same metal:
καὶ οἱ στῦλοι αὐτῶν τέσσαρες καὶ αἱ βάσεις αὐτῶν τέσσαρες χαλκαῖ καὶ αἱ ἀγκύλαι αὐτῶν ἀργυραῖ καὶ αἱ κεφαλίδες αὐτῶν περιηργυρωμένοι ἀργυρίῳ
- 18 Li te gen yon branch nan mitan ak twa branch chak bò.
It had six branches coming out from its sides, three from one side and three from the other;
καὶ αὐτοὶ περιηργυρωμένοι ἀργυρίῳ καὶ πάντες οἱ πάσσαλοι τῆς αὐλῆς κύκλῳ χαλκοῖ
- 19 Sou chak branch sou kote yo, te gen pòtre twa flè nwa kajou ak tout boujon yo sou yo. Konsa, konsa, sou tout sis branch sou kote yo.
Every branch having three cups made like almond flowers, every cup with a bud and a flower on all the branches;
καὶ αὕτη ἡ σύνταξις τῆς σκηπῆς τοῦ μαρτυρίου καθὰ συντάγη μουσῆ τὴν λειτουργίαν εἶναι τῶν λευιτῶν διὰ ἰθαμαρ τοῦ υἱοῦ ααρων τοῦ ἱερέως
- 20 Sou branch mitan an te gen kat flè nwa kajou avèk tout boujon yo sou yo.
And on its pillar, four cups like almond flowers, every one with its bud and its flower;
καὶ βεσελεηλ ὁ τοῦ ουριου ἐκ φυλῆς ἰουδα ἐποίησεν καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 21 Te gen yon ti boujon anba chak pè branch sou kote yo.
And under every two branches a bud, made with the branch, for all six branches of it.
καὶ ελιαβ ὁ τοῦ αχισαμακ ἐκ τῆς φυλῆς δαν ὃς ἤρχιτεκτόνησεν τὰ ὑφαντὰ καὶ τὰ ῥαφιδευτὰ καὶ ποικιλτικὰ ὑφᾶνα τῷ κοκκίνῳ καὶ τῇ βύσσῳ
- 1 ¶ Bezaleyèl fè lòtèl pou boulo ofrann yo an bwa zakasya. Li fè l' kare kare: Li te mezire sèt pye sis pous longè, sèt pye sis pous lajè, kat pye sis pous wotè.
- 38 Men, si grenn lan te tranpe nan dlo epi kadav yonn nan bèt sa yo tonbe sou li, grenn lan pa bon ankò pou plante. **But if water is put on the seed, and any part of the dead body gets on to it, it will be unclean to you.** ἐὰν δὲ ἐπιχυθῆ ὕδωρ ἐπὶ πᾶν σπέρμα και ἐπιπέσῃ τῶν θνησιμαίων αὐτῶν ἐπ' αὐτὸ ἀκάθαρτόν ἐστιν ὑμῖν
- 39 Lè yon bèt nou ka manje rete konsa li mouri, tout moun ki manyen kadav li p'ap kapab fè sèvis pou Bondye jouk aswè. **And if any beast which may be used for food comes to a natural death, anyone touching its dead body will be unclean till evening.** ἐὰν δὲ ἀποθάνῃ τῶν κτηνῶν ὃ ἐστιν ὑμῖν τοῦτο φαγεῖν ὃ ἀπτόμενος τῶν θνησιμαίων αὐτῶν ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 40 Moun ki manje nenpòt moso nan vyann bèt mouri a gen pou l' lave rad sou li epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè. Moun ki pote kadav la al jete gen pou l' lave rad sou li, epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou Bondye jouk aswè. **And he who makes use of any part of its body for food is to have his clothing washed and be unclean till evening; and anyone taking away its body is to have his clothing washed and be unclean till evening.** και ὁ ἐσθίων ἀπὸ τῶν θνησιμαίων τούτων πλυνεῖ τὰ ἱμάτια και ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας και ὁ αἶρων ἀπὸ θνησιμαίων αὐτῶν πλυνεῖ τὰ ἱμάτια και λούσεται ὕδατι και ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας

- 41 Tout ti bèt k'ap trennen sou vant pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye. Nou pa fèt pou manje yo.
Everything which goes flat on its body on the earth is disgusting, and is not to be used for food.
καὶ πᾶν ἔρπετόν ὃ ἔρπει ἐπὶ τῆς γῆς βδέλυγμα τοῦτο ἔσται ὑμῖν οὐ βρωθήσεται
- 42 Depi se ti bèt k'ap trennen sou vant ou ankò ti bèt kat pye, ou ankò ti bèt ki gen anpil pye, yo yonn pa bon menm pou moun k'ap sèvi Bondye: nou pa fèt pou nou manje yo.
Whatever goes on its stomach or on four feet or has a great number of feet, even all those going flat on the earth, may not be used for food, for they are disgusting.
καὶ πᾶς ὁ πορευόμενος ἐπὶ κοιλίας καὶ πᾶς ὁ πορευόμενος ἐπὶ τέσσαρα διὰ παντός ὃ πολυπληθεῖ ποσὶν ἐν πᾶσιν τοῖς ἔρπετοῖς τοῖς ἔρπουσιν ἐπὶ τῆς γῆς οὐ φάγεσθε αὐτό ὅτι βδέλυγμα ὑμῖν ἔστιν
- 43 ¶ Pa manje ankenn nan ti bèt k'ap trennen sou vant yo pou yo pa mete nou nan kondisyon pou nou pa kapab fè sèvis pou mwen.
You are not to make yourselves disgusting with anything which goes about flat on the earth; you may not make yourselves unclean with them, in such a way that you are not holy to me.
καὶ οὐ μὴ βδελεύητε τὰς ψυχὰς ὑμῶν ἐν πᾶσι τοῖς ἔρπετοῖς τοῖς ἔρπουσιν ἐπὶ τῆς γῆς καὶ οὐ μιανθήσεσθε ἐν τούτοις καὶ οὐκ ἀκάθαρτοι ἔσεσθε ἐν αὐτοῖς
- 44 Se mwen menm Seyè a ki Bondye nou. Se pou nou kenbe kò nou yon jan pou nou viv apa pou mwen, paske mwen menm se yon Bondye apa mwen ye. Pa kite ankenn ti bèt k'ap trennen sou vant mete nou nan kondisyon pou nou pa ka sèvi m'.
For I am the Lord your God: for this reason, make and keep yourselves holy, for I am holy; you are not to make yourselves unclean with any sort of thing which goes about flat on the earth.
ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν καὶ ἁγιασθήσεσθε καὶ ἅγιοι ἔσεσθε ὅτι ἅγιός εἰμι ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν καὶ οὐ μιανεῖτε τὰς ψυχὰς ὑμῶν ἐν πᾶσιν τοῖς ἔρπετοῖς τοῖς κινουμένοις ἐπὶ τῆς γῆς
- 45 Se mwen menm, Seyè a, se mwen menm ki te mennen nou soti kite peyi Lejip pou m' te ka Bondye nou. Wi, se pou nou viv apa pou mwen, paske mwen se yon Bondye apa.
For I am the Lord, who took you out of the land of Egypt, to be your God; so be you holy, for I am holy.
ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ ἀναγαγὼν ὑμᾶς ἐκ γῆς αἰγύπτου εἶναι ὑμῶν θεὸς καὶ ἔσεσθε ἅγιοι ὅτι ἅγιός εἰμι ἐγὼ κύριος
- 46 Men regleman ki gen rapò ak bèt, zwazo ak tout lòt bèt k'ap viv nan dlo, osinon k'ap trennen sou vant.
This is the law about beasts and birds and every living thing moving in the waters, and every living thing which goes flat on the earth:
οὗτος ὁ νόμος περὶ τῶν κτηνῶν καὶ τῶν πετεινῶν καὶ πάσης ψυχῆς τῆς κινουμένης ἐν τῷ ὕδατι καὶ πάσης ψυχῆς ἔρπούσης ἐπὶ τῆς γῆς
- 47 Se pou nou toujou rekonèt bèt ki ka mete nou nan kondisyon pou nou pa ka sèvi Bondye ak bèt ki p'ap fè l', bèt ki bon pou nou manje ak bèt ki pa bon pou nou manje.
Marking out the unclean from the clean, and the living thing which may be used for food from that which may not.
διαστεῖλαι ἀνὰ μέσον τῶν ἀκαθάρτων καὶ ἀνὰ μέσον τῶν καθαρῶν καὶ ἀνὰ μέσον τῶν ζωογονούντων τὰ ἐσθίόμενα καὶ ἀνὰ μέσον τῶν ζωογονούντων τὰ μὴ ἐσθίόμενα
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Men sa pou ou di pep Izrayèl la pou mwen. Lè yon fanm vin ansent, epi li fè yon pitit gason, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou mwen pandan sèt jou apre jou akouchman an, menm jan li pa ka fè sèvis pou mwen lè li gen règ li.
Say to the children of Israel, If a woman is with child and gives birth to a male child, she will be unclean for seven days, as when she is unwell.
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ εἰρεῖς πρὸς αὐτούς γυνή ἥτις ἐὰν σπερματισθῆ καὶ τέκη ἄρσεν καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἐπτά ἡμέρας κατὰ τὰς ἡμέρας τοῦ χωρισμοῦ τῆς ἀφέδρου αὐτῆς ἀκάθαρτος ἔσται
- 3 Sou wityèm jou a, y'a sikonsi pitit la.
And on the eighth day let him be given circumcision.
καὶ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ὀγδόῃ περιτεμεῖ τὴν σάρκα τῆς ἀκροβυστίας αὐτοῦ
- 4 Men, madanm lan va rete ankò tranntwa jou. Se apre sa l'a fè sèvis pou san li pèdi a. Li p'ap gen dwa manyen ankenn bagay yo mete apa pou Bondye, ni li p'ap gen dwa antre nan tant ki apa pou Bondye a, toutotan li poko fè sèvis pou mete l' ankò nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye a.
And she will be unclean for thirty-three days till the flow of her blood is stopped; no holy thing may be touched by her, and she may not come into the holy place, till the days for making her clean are ended.
καὶ τριάκοντα ἡμέρας καὶ τρεῖς καθήσεται ἐν αἵματι ἀκαθάρτῳ αὐτῆς παντός ἁγίου οὐχ ἄψεται καὶ εἰς τὸ ἁγιαστήριον οὐκ εἰσελεύσεται ἕως ἂν πληρωθῶσιν αἱ ἡμέραι καθάρσεως αὐτῆς
- 5 Si se yon tifi li fè, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis pou mwen pandan de senmenn apre akouchman an, menm jan li pa ka fè sèvis pou mwen lè li gen règ li. Apre sa se pou l' pase swasannis jou anvan li fè sèvis pou san li pèdi a.
But if she gives birth to a female child, then she will be unclean for two weeks, as when she is unwell; and she will not be completely clean for sixty-six days.
ἐὰν δὲ θήλυ τέκη καὶ ἀκάθαρτος ἔσται δις ἐπτά ἡμέρας κατὰ τὴν ἀφεδρον καὶ ἐξήκοντα ἡμέρας καὶ ἕξ καθεσθήσεται ἐν αἵματι ἀκαθάρτῳ αὐτῆς

- 6 ¶ Lè li fin pase kantite jou pou l' pase a, kit se pou yon pitit gason, kit se pou yon pitit fi, fanm lan va pran yon ti mouton ki poko gen ennan ak yon jenn ti pijon osinon yon toutrèl, l'a pote yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a. Ti mouton an va sèvi ofrann yo boule nèt pou Bondye a. Ti pijon an osinon ti toutrèl la va sèvi ofrann pou mande Bondye padon pou sa l' te fè ki mal.
And when the days are ended for making her clean for a son or a daughter, let her take to the priest at the door of the Tent of meeting, a lamb of the first year for a burned offering and a young pigeon or a dove for a sin-offering;
καὶ ὅταν ἀναπληρωθῶσιν αἱ ἡμέραι καθάρσεως αὐτῆς ἐφ' οὐῶ ἢ ἐπὶ θυγατρὶ προσοίσει ἄμνον ἐνιαύσιον ἄμωμον εἰς ὄλοκαύτωμα καὶ νεοσσὸν περιστερᾶς ἢ τρυγὸνα περὶ ἁμαρτίας ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηπῆς τοῦ μαρτυρίου πρὸς τὸν ἱερέα
- 7 Prèt la va ofri yo bay Seyè a pou mande padon pou fanm lan. Se konsa fanm lan va fè sèvis pou san li pèdi a. Wi, se sa pou yon fanm fè apre li fin akouche, kit se yon gason, kit se yon fi li fè.
And the priest is to make an offering of it before the Lord and take away her sin, and she will be made clean from the flow of her blood. This is the law for a woman who gives birth to a male or a female.
καὶ προσοίσει ἔναντι κυρίου καὶ ἐξιλιάσεται περὶ αὐτῆς ὁ ἱερεὺς καὶ καθαριεῖ αὐτὴν ἀπὸ τῆς πηγῆς τοῦ αἵματος αὐτῆς οὗτος ὁ νόμος τῆς τικτοῦσης ἄρσεν ἢ θῆλυ
- 8 Si fanm lan pa gen mwayen pou l' pote yon ti mouton, lè sa a l'a pote de pijon osinon de toutrèl, yonn pou yo boule nèt pou Bondye, lòt la pou yo ofri pou mande padon. Prèt la va ofri yo bay Seyè a pou l' mande padon pou li. Se konsa fanm lan va fè sèvis pou l' ka nan kondisyon sèvi Bondye ankò.
And if she has not money enough for a lamb, then let her take two doves or two young pigeons, one for a burned offering and the other for a sin-offering, and the priest will take away her sin and she will be clean,
ἐὰν δὲ μὴ εὐρίσκη ἡ χεὶρ αὐτῆς τὸ ἱκανὸν εἰς ἄμνον καὶ λήμνεται δύο τρυγόνες ἢ δύο νεοσσὸς περιστερῶν μίαν εἰς ὄλοκαύτωμα καὶ μίαν περὶ ἁμαρτίας καὶ ἐξιλιάσεται περὶ αὐτῆς ὁ ἱερεὺς καὶ καθαριεῖ αὐτήν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo konsa:
And the Lord said to Moses and Aaron,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς Μωϋσῆν καὶ Ααρων λέγων
- 2 -Si yon moun wè yon kote sou po kò l' anfle, ou ankò si li wè yon bouton osinon yon tach parèt sou po l' ki ta vle sanble konmansman yon move maladi po ki ka kontaminen lòt moun, y'a mennen l' bay Arawon, prèt la, ou ankò bay yonn nan pitit li yo ki prèt tou.
If a man has on his skin a growth or a mark or a white place, and it becomes the disease of a leper, let him be taken to Aaron the priest, or to one of the priests, his sons;
ἄνθρωπος ἐάν τινι γένηται ἐν δέρματι χρωτὸς αὐτοῦ οὐλὴ σημασίας τηλαυγῆς καὶ γένηται ἐν δέρματι χρωτὸς αὐτοῦ ἀφὴ λέπρας καὶ ἀχθήσεται πρὸς Ααρων τὸν ἱερέα ἢ ἓνα τῶν υἱῶν αὐτοῦ τῶν ἱερέων
- 3 Prèt la va egzaminen kote ki malad la. Si pwal yo vin tou blan, epi si maladi a fouye po a ti kras, l'a konnen se yon move maladi po ki ka kontaminen lòt moun. Lè prèt la va wè sa, l'a fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye.
And if, when the priest sees the mark on his skin, the hair on the place is turned white and the mark seems to go deeper than the skin, it is the mark of a leper: and the priest, after looking at him, will say that he is unclean.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν ἐν δέρματι τοῦ χρωτὸς αὐτοῦ καὶ ἡ θριξ ἐν τῇ ἀφῇ μεταβάλλη λευκὴ καὶ ἡ ὄψις τῆς ἀφῆς ταπεινὴ ἀπὸ τοῦ δέρματος τοῦ χρωτὸς ἀφὴ λέπρας ἐστὶν καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ μανεῖ αὐτόν
- 4 Men, si kote po a anfle a vin tou blan san li pa fouye, si pwal yo pa vin blan, prèt la va fèmen moun lan yon kote pou kont li pandan sèt jou.
But if the mark on his skin is white, and does not seem to go deeper than the skin, and the hair on it is not turned white, then the priest will keep him shut up for seven days;
ἐὰν δὲ τηλαυγῆς λευκὴ ᾖ ἐν τῷ δέρματι τοῦ χρωτὸς καὶ ταπεινὴ μὴ ᾖ ἢ ὄψις αὐτῆς ἀπὸ τοῦ δέρματος καὶ ἡ θριξ αὐτοῦ οὐ μετέβαλεν τρίχα λευκὴν αὐτῇ δὲ ἐστὶν ἀμαυρὰ καὶ ἀφοριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν ἑπτὰ ἡμέρας
- 5 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè bouton an rete menm jan an, li pa laji sou po a, prèt la va fèmen moun lan pou kont li pou sèt jou ankò.
And the priest is to see him on the seventh day; and if, in his opinion, the place on his skin has not become worse and is not increased in size, then the priest will keep him shut up for seven days more:
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ καὶ ἰδοὺ ἡ ἀφὴ μένει ἔναντιον αὐτοῦ οὐ μετέπεσεν ἡ ἀφὴ ἐν τῷ δέρματι καὶ ἀφοριεῖ αὐτόν ὁ ἱερεὺς ἑπτὰ ἡμέρας τὸ δεύτερον
- 6 Apre sa, prèt la va egzaminen l' ankò. Si bouton an cheche, si li pa laji kò l' sou po a, prèt la va fè konnen moun lan nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye. Se yon bouton ase li te genyen. Lè sa a, moun lan va lave rad li, epi l'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye.
And the priest is to see him again on the seventh day; and if the mark is less bright and is not increased on his skin, then let the priest say that he is clean: it is only a skin-mark, and after his clothing has been washed he will be clean.
καὶ ὄψεται αὐτόν ὁ ἱερεὺς τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ τὸ δεύτερον καὶ ἰδοὺ ἀμαυρὰ ἡ ἀφὴ οὐ μετέπεσεν ἡ ἀφὴ ἐν τῷ δέρματι καθαριεῖ αὐτόν ὁ ἱερεὺς σημασία γάρ ἐστὶν καὶ πλυνάμενος τὰ ἱμάτια καθαρὸς ἔσται
- 7 Men si bouton an vin pi laj sou po a, apre prèt la te fin di moun lan bon lè li te wè l' la, se pou moun lan parèt devan prèt la ankò.
But if the size of the mark on his skin is increased after he has been seen by the priest, let him go to the priest again:
ἐὰν δὲ μεταβαλοῦσα μεταπέση ἡ σημασία ἐν τῷ δέρματι μετὰ τὸ ἰδεῖν αὐτόν τὸν ἱερέα τοῦ καθαρίσαι αὐτόν καὶ ὀφθήσεται τὸ δεύτερον τῷ ἱερεῖ

- 8 Prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè bouton an vin pi laj sou po a, prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon move maladi po li genyen!
And if, after looking at him, he sees that the mark is increased in his skin, let the priest say that he is unclean; he is a leper.
καὶ ὄψεται αὐτὸν ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ μετέπεσεν ἡ σημασία ἐν τῷ δέρματι καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς λέπρα ἐστὶν
- 9 Lè yon moun va gen yon move maladi po sou li, y'a mennen l' bay prèt la.
When the disease of a leper is seen on a man, let him be taken to the priest;
καὶ ἀφῆ λέπρας ἐὰν γένηται ἐν ἀνθρώπῳ καὶ ἤξει πρὸς τὸν ἱερέα
- 10 Prèt la va egzaminen l'. Si li wè yon bouton blan sou po a ki fè pwal yo vin blan tou, si bouton an plen postim,
And if the priest sees that there is a white growth on the skin, and the hair is turned white, and there is diseased flesh in the growth,
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ οὐλὴ λευκὴ ἐν τῷ δέρματι καὶ αὕτη μετέβαλεν τρίχα λευκὴν καὶ ἀπὸ τοῦ ὕγιος τῆς σαρκὸς τῆς ζώσης ἐν τῇ οὐλῇ
- 11 se va yon move maladi po ki chita sou li. Prèt la va fè konnen nonm lan pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye. Li p'ap bezwen fèmen l' yon kote pou kont li, paske se bagay ki klè, nonm lan pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye.
It is an old disease in the skin of his flesh, and the priest will say that he is unclean; he will not have to be shut up, for he is clearly unclean.
λέπρα παλαιουμένη ἐστὶν ἐν τῷ δέρματι τοῦ χρωτὸς ἐστὶν καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς καὶ ἀφοριεῖ αὐτὸν ὅτι ἀκάθαρτός ἐστιν
- 12 Men, si maladi a gaye sou tout kò l', si li kouvri ak bouton depi nan tèt jouk nan pye, kifè kote prèt la voye je l' li wè se bouton,
And if the disease comes out all over his skin, from his head to his feet, as far as the priest is able to see,
ἐὰν δὲ ἐξανθοῦσα ἐξανθήσῃ ἡ λέπρα ἐν τῷ δέρματι καὶ καλύψῃ ἡ λέπρα πᾶν τὸ δέρμα τῆς ἀφῆς ἀπὸ κεφαλῆς ἕως ποδῶν καθ' ὅλην τὴν ὄρασιν τοῦ ἱερέως
- 13 prèt la va egzaminen l' ankò. Si maladi a kouvri tout kò l', prèt la va di moun lan toujou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Depi tout kò l' vin tou blan, li nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
And if the priest sees that all his flesh is covered with the leper's disease, the priest will say that he is clean: it is all turned white, he is clean.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ ἐκάλυπεν ἡ λέπρα πᾶν τὸ δέρμα τοῦ χρωτὸς καὶ καθαριεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφῆν ὅτι πᾶν μετέβαλεν λευκὸν καθαρὸν ἐστὶν
- 14 Men, jou yon bouton pete, li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
But whenever diseased flesh is seen on him, he will be unclean.
καὶ ἢ ἂν ἡμέρᾳ ὀφθῆ ἐν αὐτῷ χρώς ζῶν μιανθήσεται
- 15 Prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè yon bouton pete, l'a fè konnen nonm lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Depi bouton an pete se yon move maladi po li genyen, nonm lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
And when the priest sees the diseased flesh he will say that he is unclean; the diseased flesh is unclean, he is a leper.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὸν χρωτὰ τὸν ὕγιῃ καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ χρώς ὁ ὕγιῆς ὅτι ἀκάθαρτός ἐστιν λέπρα ἐστὶν
- 16 Men, lè bouton an va konmanse geri, po a konmanse vin blan ankò, moun lan va tounen al jwenn prèt la.
Or if the diseased flesh is turned again and changed to white then he is to come to the priest,
ἐὰν δὲ ἀποκαταστῆ ὁ χρώς ὁ ὕγιῆς καὶ μεταβάλῃ λευκὴ καὶ ἐλεύσεται πρὸς τὸν ἱερέα
- 17 Prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè bouton an vin tou blan, prèt la va fè konnen nonm lan nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
And the priest will see him: and if the place is turned white, then the priest will say that he is free from the disease.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ μετέβαλεν ἡ ἀφῆ εἰς τὸ λευκὸν καὶ καθαριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφῆν καθαρὸς ἐστὶν
- 18 ¶ Si yon moun gen yon apse ki geri,
And if a bad place has come out on the skin and is well again,
καὶ σὰρξ ἐὰν γένηται ἐν τῷ δέρματι αὐτοῦ ἔλκος καὶ ὕγιασθῆ
- 19 men kote apse a te ye a vin anfle, ou ankò yon ti bouton wouj anba po a vin parèt, se pou l' al wè prèt la.
And on the same place there is a white growth of a bright mark, red and white, then let the priest see it;
καὶ γένηται ἐν τῷ τόπῳ τοῦ ἔλκος οὐλὴ λευκὴ ἢ τηλαυγῆς λευκαίνουσα ἢ πυρρρίζουσα καὶ ὀφθήσεται τῷ ἱερεῖ
- 20 Prèt la va egzaminen l'. Si bouton an gen lè yon ti jan pi fon pase rès po a, epi si pwal ki ladan l' yo vin tou blan, prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon move maladi po k'ap parèt sou mak apse a.
And after looking at it, if it seems to go deeper than the skin, and the hair on it is turned white, then the priest will say that the man is unclean: it is the leper's disease, it has come out in the bad place.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ ἡ ὄψις ταπεινότερα τοῦ δέρματος καὶ ἡ θριξὶ αὐτῆς μετέβαλεν εἰς λευκὴν καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς λέπρα ἐστὶν ἐν τῷ ἔλκει ἐξήνηθησεν

- 21 Men, lè prèt la egzaminen l', si li wè pwal ki ladan l' yo pa blan, si bouton an pa pi fon pase rès po a, si li konmanse chanje koulè, prèt la va fèmen moun lan yon kote pou kont li pou sèt jou.
But if, after looking at it, he sees that there are no white hairs on it, and it is not deeper than the skin, and it is not very bright, then let the priest keep him shut up for seven days:
ἐὰν δὲ ἴδῃ ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ οὐκ ἔστιν ἐν αὐτῷ θριξ λευκὴ καὶ ταπεινὸν μὴ ἢ ἀπὸ τοῦ δέρματος τοῦ χρωτὸς καὶ αὐτὴ ἢ ἀμαυρὰ ἀφοριεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς ἑπτὰ ἡμέρας
- 22 Si bouton an gaye sou tout kò l', prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon move maladi po li genyen.
And if it is increasing on the skin, the priest will say that he is unclean: it is a disease.
ἐὰν δὲ διαχέηται ἐν τῷ δέρματι καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς ἀφῆ λέπρας ἔστιν ἐν τῷ ἔλκει ἐξήνησεν
- 23 Men, si bouton an rete jan l' te ye a, y'a konnen se mak apse a ase li ye. Prèt la va fè konnen moun lan pa gen anyen, li toujou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
But if the bright mark keeps in the same place and gets no greater, it is the mark of the old wound, and the priest will say that he is clean.
ἐὰν δὲ κατὰ χώραν μείνῃ τὸ τηλαύγημα καὶ μὴ διαχέηται οὐλὴ τοῦ ἔλκου ἔστιν καὶ καθαριεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς
- 24 Ou ankò, lè yon moun boule nan dife, si li lè konmanse geri, po a vin yon ti jan wouj e blan,
Or if there is a burn on the skin of the flesh, and if the diseased flesh in the burn becomes a bright place, red and white or white,
καὶ σὰρξ ἐὰν γένηται ἐν τῷ δέρματι αὐτοῦ κατάκαυμα πυρὸς καὶ γένηται ἐν τῷ δέρματι αὐτοῦ τὸ ὑγιασθὲν τοῦ κατακαύματος ἀγάζον τηλαυγὲς λευκὸν ὑποπυρρίζον ἢ ἔκλευκον
- 25 prèt la va egzaminen l'. Si li wè pwal yo vin blan, epi si tach la gen lè pi fon pase rès po a, y'a konnen se yon move maladi po k'ap devlope sou boule a. Prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon move maladi po li genyen.
The priest is to see it: and if the hair on the bright place is turned white and it seems to go deeper than the skin, he is a leper: it has come out in the burn, and the priest will say that he is unclean: it is the leper's disease.
καὶ ὄψεται αὐτὸν ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ μετέβαλεν θριξ λευκὴ εἰς τὸ ἀγάζον καὶ ἢ ὄψις αὐτοῦ ταπεινὴ ἀπὸ τοῦ δέρματος λέπρα ἔστιν ἐν τῷ κατακαύματι ἐξήνησεν καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς ἀφῆ λέπρας ἔστιν
- 26 Men, si lè prèt la egzaminen l' li pa jwenn pwal blan ladan l', epi tach la pa pi fon pase rès po a, men li ta vle chanje koulè, prèt la va fèmen l' yon kote pou kont li pou sèt jou.
But if, after looking at it, the priest sees that there is no white hair on the bright place, and it is not deeper than the skin, and is not very bright, then let the priest keep him shut up for seven days:
ἐὰν δὲ ἴδῃ ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ οὐκ ἔστιν ἐν τῷ ἀγάζοντι θριξ λευκὴ καὶ ταπεινὸν μὴ ἢ ἀπὸ τοῦ δέρματος αὐτὸ δὲ ἀμαυρὸν καὶ ἀφοριεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς ἑπτὰ ἡμέρας
- 27 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè tach la ap gaye, l'a konnen se yon move maladi po li genyen. Lè sa a, prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye.
And the priest is to see him again on the seventh day; if it is increased in the skin, then the priest will say that he is unclean: it is the leper's disease.
καὶ ὄψεται αὐτὸν ὁ ἱερεὺς τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ ἐὰν δὲ διαχῶσει διαχέηται ἐν τῷ δέρματι καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς ἀφῆ λέπρας ἔστιν ἐν τῷ ἔλκει ἐξήνησεν
- 28 Men, si tach la rete jan l' te ye a, si li pa gaye sou po a, si se koulè a ase ki chanje, l'a konnen se mak boule a ase li ye. Prèt la va fè konnen moun lan toujou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, paske se boule a k'ap geri.
And if the bright place keeps the same size and gets no greater on the skin, but is less bright, it is the effect of the burn, and the priest will say that he is clean: it is the mark of the burn.
ἐὰν δὲ κατὰ χώραν μείνῃ τὸ ἀγάζον καὶ μὴ διαχῶσῃ ἐν τῷ δέρματι αὐτὴ δὲ ἢ ἀμαυρὰ ἢ οὐλὴ τοῦ κατακαύματος ἔστιν καὶ καθαριεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς ὁ γὰρ χαρακτήρ τοῦ κατακαύματος ἔστιν
- 29 Lè yon gason osinon yon fanm gen yon kote nan cheve l' osinon nan bab li ki fè yon plak,
And when a man or a woman has a disease on the head, or in the hair of the chin,
καὶ ἀνδρὶ καὶ γυναικὶ ἐὰν γένηται ἐν αὐτοῖς ἀφῆ λέπρας ἐν τῇ κεφαλῇ ἢ ἐν τῷ πώγωνι
- 30 prèt la va egzaminen plak la. Si li gen lè pi fon pase rès po a, si li gen cheve yon ti jan jòn, fin fen ladan l', l'a konnen se pyas moun lan genyen. Se yon move maladi po ki parèt nan cheve l' osinon nan bab li. Prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
Then the priest is to see the diseased place: and if it seems to go deeper than the skin, and if there is thin yellow hair in it, then the priest will say that he is unclean: he has the mark of the leper's disease on his head or in the hair of his chin.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν καὶ ἰδοὺ ἢ ὄψις αὐτῆς ἐγκουλιότερα τοῦ δέρματος ἐν αὐτῇ δὲ θριξ ξανθίζουσα λεπτὴ καὶ μιανεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς θραυσμά ἔστιν λέπρα τῆς κεφαλῆς ἢ λέπρα τοῦ πώγωνος ἔστιν
- 31 Men, lè prèt la egzaminen plak pyas la, si li wè gen lè li pa pi fon pase rès po a, epi cheve ki ladan l' yo yon ti jan jòn, prèt la va fèmen moun lan yon kote pou kont li pou sèt jou.
And after looking at the diseased place, if it does not seem to go deeper than the skin, and there is no black hair in it, then the priest will have him shut up for seven days:
καὶ ἐὰν ἴδῃ ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν τοῦ θραύσματος καὶ ἰδοὺ οὐχ ἢ ὄψις ἐγκουλιότερα τοῦ δέρματος καὶ θριξ ξανθίζουσα οὐκ ἔστιν ἐν αὐτῇ καὶ ἀφοριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν τοῦ θραύσματος ἑπτὰ ἡμέρας
- 32 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen malenng lan ankò. Si pyas la gaye, si cheve ki ladan l' yo pa vin jòn, si li gen lè pa pi fon pase rès po a,
And on the seventh day the priest will see the place: and if it is not increased, and there is no yellow hair in it, and it does not seem to go deeper than the skin,
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ καὶ ἰδοὺ οὐ διεχῶσῃ τὸ θραῦσμα καὶ θριξ ξανθίζουσα οὐκ ἔστιν ἐν αὐτῇ καὶ ἢ ὄψις τοῦ θραύσματος οὐκ ἔστιν κοιλὴ ἀπὸ τοῦ δέρματος

- 33 moun lan va koupe tout cheve nan tèt li san l' pa manyen pyas la. Apre sa, prèt la va fèmen l' yon kote pou kont li pou sèt jou ankò.
Then his hair is to be cut off, but not on the diseased place, and he is to be shut up for seven days more:
 και ξυρηθήσεται τὸ δέρμα τὸ δὲ θραῦσμα οὐ ξυρηθήσεται καὶ ἀφοριεῖ ὁ ἱερεὺς τὸ θραῦσμα ἐπὶ ἡμέρας τὸ δεῦτερον
- 34 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si pyas la pa laji sou po a, si li pa fouye po a, prèt la va fè konnen moun lan nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Moun lan menm va lave rad sou li, epi l'a nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò.
And on the seventh day the priest will see the place: and if it is not increased, and does not seem to go deeper than the skin, the priest will say that he is clean: and after his clothing has been washed he will be clean.
 και ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὸ θραῦσμα τῆς ἡμέρας τῆς ἐβδόμης καὶ ἰδοὺ οὐ διεχύθη τὸ θραῦσμα ἐν τῷ δέρματι μετὰ τὸ ξυρηθῆναι αὐτόν καὶ ἡ ὄψις τοῦ θραύσματος οὐκ ἔστιν κοίλη ἀπὸ τοῦ δέρματος καὶ καθαριεῖ αὐτὸν ὁ ἱερεὺς καὶ πλυνόμενος τὰ ἱμάτια καθαρὸς ἔσται
- 35 Men, si apre prèt la te fin di moun lan nan bon kondisyon an, pyas la gaye tout bon vre sou po a,
But if the disease in his skin becomes worse after he has been made clean,
 ἐὰν δὲ διαχύσει διαχέηται τὸ θραῦσμα ἐν τῷ δέρματι μετὰ τὸ καθαρισθῆναι αὐτόν
- 36 prèt la va egzaminen l' ankò. Si pyas la gaye vre sou po a, li pa bezwen chache wè si li gen cheve jòn ankò. L'a tou konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
Then the priest is to see him: and if the mark is increased, the priest, without looking for the yellow hair, will say that he is unclean.
 και ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ διακέχεται τὸ θραῦσμα ἐν τῷ δέρματι οὐκ ἐπισκέπεται ὁ ἱερεὺς περὶ τῆς τριχὸς τῆς ξανθῆς ὅτι ἀκάθαρτός ἐστιν
- 37 Men si li wè pyas la rete jan l' te ye a, epi cheve nwa ap pouse sou li, l'a tou konnen pyas la geri, epi prèt la va fè konnen moun lan nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
But if, in his opinion, the growth is stopped, and black hair has come up on it, the disease has gone; he is clean and the priest will say that he is clean.
 ἐὰν δὲ ἐνόπιον μείνη τὸ θραῦσμα ἐπὶ χόρας καὶ θριξὶ μελαινα ἀνατεῖλη ἐν αὐτῷ ὕγιακεν τὸ θραῦσμα καθαρὸς ἔστιν καὶ καθαριεῖ αὐτόν ὁ ἱερεὺς
- 38 ¶ Lè yon gason osinon yon fanm gen ti tach blan ki parèt sou po l',
And if a man or a woman has bright marks on the skin of their flesh, that is, bright white marks,
 και ἀνδρὶ ἢ γυναικὶ ἐὰν γένηται ἐν δέρματι τῆς σαρκὸς αὐτοῦ ἀυγάσματα ἀυγάζοντα λευκαθίζοντα
- 39 prèt la va egzaminen l'. Si tach yo gen ti koulè blan sal, l'a konnen se yon ti gratèl ki parèt sou po a, moun lan toujou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
Then the priest is to see them: and if the white marks on their skin are not very bright, it is a skin disease which has come out on the skin; he is clean.
 και ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ ἐν δέρματι τῆς σαρκὸς αὐτοῦ ἀυγάσματα ἀυγάζοντα λευκαθίζοντα ἀλόφος ἔστιν καθαρὸς ἔστιν ἐξανθεῖ ἐν τῷ δέρματι τῆς σαρκὸς αὐτοῦ καθαρὸς ἔστιν
- 40 Lè yon nonm pèdi tout cheve nan tèt li, li chòv. Sa pa vle di li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
And if a man's hair has come out and he has no hair, still he is clean.
 ἐὰν δὲ τιμὴ μαθήσῃ ἢ κεφαλῇ αὐτοῦ φαλακρός ἔστιν καθαρὸς ἔστιν
- 41 Konsa tou, lè yon moun pèdi cheve sou tout devan tèt li, li demi chòv. Sa pa vle di li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
And if the hair has gone from the front part of his head, so that he has no hair there, still he is clean.
 ἐὰν δὲ κατὰ πρόσωπον μαθήσῃ ἢ κεφαλῇ αὐτοῦ ἀναφάλαντός ἔστιν καθαρὸς ἔστιν
- 42 Men, si kote l' chòv la yon ti tach koulè wouj-blan parèt, se ka yon move maladi po k'ap leve sou kò l'.
But if, on his head or on his brow, where he has no hair, there is a red and white place, it is the disease of the leper coming out on his head or on his brow.
 ἐὰν δὲ γένηται ἐν τῷ φαλακρώματι αὐτοῦ ἢ ἐν τῷ ἀναφαλαντώματι αὐτοῦ ἀφή λευκὴ ἢ πυρρίζουσα λέπρα ἔστιν ἐν τῷ φαλακρώματι αὐτοῦ ἢ ἐν τῷ ἀναφαλαντώματι αὐτοῦ
- 43 Lè sa a, prèt la va egzaminen l'. Si plak la gen yon ti koulè wouj-blan tankou lè moun gen move maladi po sou kò yo,
Then if the priest sees that the growth of the disease has become red and white on his head or on his brow where there is no hair, like the mark in the skin of a leper;
 και ὄψεται αὐτόν ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ ἡ ὄψις τῆς ἀφῆς λευκὴ πυρρίζουσα ἐν τῷ φαλακρώματι αὐτοῦ ἢ ἐν τῷ ἀναφαλαντώματι αὐτοῦ ὡς εἶδος λέπρας ἐν δέρματι τῆς σαρκὸς αὐτοῦ
- 44 l'a konnen se yon moun ki gen move maladi po. Prèt la va fè konnen moun lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, akòz move maladi po ki parèt sou tèt li a.
He is a leper and unclean; the priest is to say that he is most certainly unclean: the disease is in his head.
 ἀνθρωπος λεπρός ἔστιν μιάσει μιανεῖ αὐτόν ὁ ἱερεὺς ἐν τῇ κεφαλῇ αὐτοῦ ἢ ἀφή αὐτοῦ
- 45 Lè yon moun gen yon move maladi po, l'a mete vye rad chire sou li. L'a kite tèt li san penyen, l'a kouvri figi l' depi anba nen l' desann, epi kote l' pase la pran rele: Men moun malad! Men moun malad!
And the leper who has the disease on him is to go about with signs of grief, with his hair loose and his mouth covered, crying, Unclean, unclean.
 και ὁ λεπρός ἐν ᾧ ἔστιν ἡ ἀφή τὰ ἱμάτια αὐτοῦ ἔστω παραλελυμένα καὶ ἡ κεφαλῇ αὐτοῦ ἀκατακάλυπτος καὶ περὶ τὸ στόμα αὐτοῦ περιβαλέσθω καὶ ἀκάθαρτος κεικλήσεται

- 46 Pandan tout tan maladi a va sou li, li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Se yon moun ki gen move maladi po li ye. L'a rete yon kote pou kont li, nan yon kay andeyò limit kote moun rete.
While the disease is on him, he will be unclean. He is unclean: let him keep by himself, living outside the tent-circle.
πάσας τὰς ἡμέρας ὅσας ἂν ἦ ἐπ' αὐτοῦ ἡ ἀφή ἀκάθαρτος ὢν ἀκάθαρτος ἔσται κεχωρισμένος καθήσεται ἔξω τῆς παρεμβολῆς ἔσται αὐτοῦ ἡ διατριβή
- 47 ¶ Lè yon rad fèt an lenn nèt osinon an twal fen blan nèt bay mak tankou li ta vle kanni,
And any clothing of wool or of linen in which is the mark of the disease;
καὶ ἱματίῳ ἂν γένηται ἐν αὐτῷ ἀφή λέπρας ἐν ἱματίῳ ἔρεῶ ἢ ἐν ἱματίῳ στιπνύῳ
- 48 ou ankò lè nan yon moso twal, fil dwat yo osinon fil travè yo, kit yo fèt an lenn ou ankò an kenaf, bay mak tankou yo ta vle kanni, ou ankò lè yon moso po osinon yon bagay fèt an po bay mak tankou li ta vle kanni,
If it is in the threads of the linen or of the wool, or in leather, or in anything made of skin;
ἢ ἐν στήμονι ἢ ἐν κρόκῃ ἢ ἐν τοῖς λινοῖς ἢ ἐν τοῖς ἔρεοῖς ἢ ἐν δέρματι ἢ ἐν παντὶ ἐργασίῳ δέρματι
- 49 si kote ki vle kanni an gen yon ti koulè vèt osinon wouj, sa vle di se kanni l'ap kanni. Se pou nou pote l' moutre prèt la.
If there are red or green marks on the clothing, or on the leather, or in the threads of the cloth, or in anything made of skin, it is the leper's disease: let the priest see it.
καὶ γένηται ἡ ἀφή χλωρίζουσα ἢ πυρρίζουσα ἐν τῷ δέρματι ἢ ἐν τῷ ἱματίῳ ἢ ἐν τῷ στήμονι ἢ ἐν τῇ κρόκῃ ἢ ἐν παντὶ σκεύει ἐργασίῳ δερμάτος ἀφή λέπρας ἔστιν καὶ δεῖξει τῷ ἱερεῖ
- 50 Prèt la va pran l', l'a egzaminen l' epi l'a fèmen bagay ki vle kanni an yon kote pou sèt jou.
And after it has been seen by the priest, the thing which is so marked is to be shut up for seven days:
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν καὶ ἀφοριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν ἑπτὰ ἡμέρας
- 51 Sou setyèm jou a, prèt la va egzaminen l' ankò. Si li wè kanni an gaye sou twal la, osinon li mache nan fil dwat yo osinon nan fil travè yo, oswa sou po a, osinon sou bagay fèt ak po, sa vle di se kanni l'ap kanni vre. Moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi avè l' ankò.
And he is to see the mark on the seventh day; if the mark is increased in the clothing, or in the threads of the material, or in the leather, whatever the leather is used for, it is the disease biting into it: it is unclean.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ ἂν δὲ διαχέηται ἡ ἀφή ἐν τῷ ἱματίῳ ἢ ἐν τῷ στήμονι ἢ ἐν τῇ κρόκῃ ἢ ἐν τῷ δέρματι κατὰ πάντα ὅσα ἂν ποιηθῇ δέρματα ἐν τῇ ἐργασίᾳ λέπρα ἔμμοι ὅς ἔστιν ἡ ἀφή ἀκάθαρτός ἐστιν
- 52 Prèt la va boule bagay ki kanni an, paske se yon move maladi k'ap manje tout rad la. Se pou yo boule l' nan dife.
And the clothing, or the wool or linen material, or anything of leather in which is the disease, is to be burned: for the disease is biting into it; let it be burned in the fire.
κατακαύσει τὸ ἱμάτιον ἢ τὸν στήμονα ἢ τὴν κρόκην ἐν τοῖς ἔρεοῖς ἢ ἐν τοῖς λινοῖς ἢ ἐν παντὶ σκεύει δερματίνῳ ἐν ᾧ ἂν ἦ ἐν αὐτῷ ἡ ἀφή ὅτι λέπρα ἔμμοιός ἐστιν ἐν πυρὶ κατακαυθήσεται
- 53 Men, si lè prèt la egzaminen l', li jwenn kanni an pa gaye nan twal la osinon nan po a,
And if the priest sees that the mark is not increased in the clothing or in any part of the material or in the leather,
ἂν δὲ ἴδῃ ὁ ἱερεὺς καὶ μὴ διαχέηται ἡ ἀφή ἐν τῷ ἱματίῳ ἢ ἐν τῷ στήμονι ἢ ἐν τῇ κρόκῃ ἢ ἐν παντὶ σκεύει δερματίνῳ
- 54 prèt la va bay lòd pou yo lave l'. Apre sa, l'a fèmen l' ankò yon kote pou sèt jou.
Then the priest will give orders for the thing on which the mark is, to be washed, and to be shut up for seven days more:
καὶ συντάξει ὁ ἱερεὺς καὶ πλυνεῖ ἐφ' οὗ ἂν ἦ ἐπ' αὐτοῦ ἡ ἀφή καὶ ἀφοριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν ἀφὴν ἑπτὰ ἡμέρας τὸ δεῦτερον
- 55 Sou setyèm jou a, l'a egzaminen l' ankò. Si li wè kote ki te vle kanni an rete menm jan an, menm si li pa gaye sou rès twal la, bagay la pa nan bon kondisyon, moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi avè l'. Se pou yo boule l' nan dife, kanni an te mèt sou lanvè ou sou landrèt li.
And if, after the mark has been washed, the priest sees that the colour of it is not changed and it is not increased, it is to be burned in the fire: the disease is working in it, though the damage may be inside or outside.
καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς μετὰ τὸ πλῆθῆναι αὐτὸ τὴν ἀφὴν καὶ ἴδε μὴ μετέβαλεν τὴν ὄψιν ἡ ἀφή καὶ ἡ ἀφή οὐ διαχέεται ἀκάθαρτόν ἐστιν ἐν πυρὶ κατακαυθήσεται ἐστήρισται ἐν τῷ ἱματίῳ ἢ ἐν τῷ στήμονι ἢ ἐν τῇ κρόκῃ
- 56 Men, si lè prèt la ap egzaminen l' dezyèm fwa a, li wè kanni an te pèdi koulè, fwa sa a, l'a chire kote ki te kanni nan twal la osinon nan po a. Ou ankò, l'a wete fil dwat ou fil travè ki te kanni nan twal la.
And if the priest sees that the mark is less bright after the washing, then let him have it cut out of the clothing or the leather or from the threads of the material:
καὶ ἂν ἴδῃ ὁ ἱερεὺς καὶ ἦ ἀμυρὰ ἡ ἀφή μετὰ τὸ πλῆθῆναι αὐτὸ ἀπορρήξει αὐτὸ ἀπὸ τοῦ ἱματίου ἢ ἀπὸ τοῦ δερμάτος ἢ ἀπὸ τοῦ στήμονος ἢ ἀπὸ τῆς κρόκης
- 57 Si apre sa, kanni an parèt ankò epi li konmanse gaye nan rès rad la, mèt rad la va boule l'.
And if the mark is still seen in the clothing or in the threads of the material or in the leather, it is the disease coming out: the thing in which the disease is will have to be burned with fire.
ἂν δὲ ὀφθῇ ἔτι ἐν τῷ ἱματίῳ ἢ ἐν τῷ στήμονι ἢ ἐν τῇ κρόκῃ ἢ ἐν παντὶ σκεύει δερματίνῳ λέπρα ἔξανθοῦσά ἐστιν ἐν πυρὶ κατακαυθήσεται ἐν ᾧ ἔστιν ἡ ἀφή

- 58 Si apre yo lave yon rad, kanni an disparèt, y'a lave l' yon dezyèm fwa. Se lè sa a rad la va nan bon kondisyon, moun k'ap sèvi Bondye ka sèvi avè l'.
And the material of the clothing, or anything of skin, which has been washed, if the mark has gone out of it, let it be washed a second time and it will be clean.
 και τὸ ἱμάτιον ἢ ὁ στήμων ἢ ἡ κρόκη ἢ πᾶν σκεῦος δερμάτινον ὃ πλυθήσεται καὶ ἀποστήσεται ἀπ' αὐτοῦ ἢ ἀφή καὶ πλυθήσεται τὸ δεῦτερον καὶ καθαρὸν ἔσται
- 59 Men regleman pou nou swiv lè yon rad fèt an lenn osinon an twal fen blan bay mak tankou li ta vle kanni, ou ankò lè nan yon moso twal, fil dwat osinon fil travè yo, kit yo fèt an lenn ou ankò an kenaf, bay mak tankou li ta vle kanni, ou ankò lè yon moso po osinon nenpòt bagay ki fèt an po bay mak tankou li ta vle kanni. Se konsa n'a konnen si moun k'ap sèvi Bondye ka sèvi osinon pa ka sèvi ak yo.
This is the law about the leper's disease in the thread of wool or linen material, in clothing or in anything of skin, saying how it is to be judged clean or unclean.
 οὗτος ὁ νόμος ἀφῆς λέπρας ἱματίου ἑρεοῦ ἢ στιππυίνου ἢ στήμονος ἢ κρόκης ἢ παντὸς σκεύους δερματίου εἰς τὸ καθαρίσαι αὐτὸ ἢ μιᾶναι αὐτό
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Men regleman w'a bay pou yo swiv lè y'ap fè sèvis pou moun ki geri apre yo te gen move maladi po. Jou pou yo rekonèt moun lan geri a, y'a mennen l' bay prèt la.
This is the law of the leper on the day when he is made clean: he is to be taken to the priest;
 οὗτος ὁ νόμος τοῦ λεπροῦ ἢ ἂν ἡμέρα καθαρισθῆ καὶ προσαχθῆσεται πρὸς τὸν ἱερέα
- 3 Prèt la va pran l', l'a soti ansanm avè l' lòt bò limit kan kote moun rete a. L'a egzaminen l' byen egzaminen, pou l' wè si malad la geri vre.
And the priest is to go outside the tent-circle; and if, after looking, the priest sees that the mark of the disease has gone from him,
 και ἐξελεύσεται ὁ ἱερεὺς ἔξω τῆς παρεμβολῆς καὶ ὄψεται ὁ ἱερεὺς καὶ ἰδοὺ ἰᾶται ἢ ἀφή τῆς λέπρας ἀπὸ τοῦ λεπροῦ
- 4 Prèt la va bay lòd pou yo pote pou moun ki te malad la de zwazo tou vivan epi ki bon pou moun k'ap fè sèvis pou Bondye, ansanm ak yon moso bwa sèd, yon moso twal kamwazi ak yon ti branch izòp.
Then the priest is to give orders to take, for him who is to be made clean, two living clean birds and some cedar wood and red thread and hyssop.
 και προστάξει ὁ ἱερεὺς καὶ λήμψονται τῷ κεκαθαρισμένῳ δύο ὀρνίθια ζῶντα καθαρὰ καὶ ξύλον κέδρινον καὶ κεκλωσμένον κόκκινον καὶ ὕσσωπον
- 5 Apre sa, prèt la va bay lòd pou yo touye premye zwazo a anwo yon bòl an tè plen dlo fre.
And the priest will give orders for one of the birds to be put to death in a vessel made of earth, over flowing water.
 και προστάξει ὁ ἱερεὺς καὶ σφάζουσιν τὸ ὀρνίθιον τὸ ἐν εἰς ἀγγεῖον ὀστράκινον ἐφ' ὕδατι ζῶντι
- 6 L'a pran lòt zwazo a tou vivan ansanm ak bwa sèd la, moso twal kamwazi a ak ti branch izòp la, l'a plonje yo nan san zwazo yo te touye anwo dlo fre a.
And he will take the living bird and the wood and the red thread and the hyssop and put them in the blood of the bird which was put to death over flowing water.
 και τὸ ὀρνίθιον τὸ ζῶν λήμψεται αὐτὸ καὶ τὸ ξύλον τὸ κέδρινον καὶ τὸ κλωστὸν κόκκινον καὶ τὸν ὕσσωπον καὶ βάψει αὐτὰ καὶ τὸ ὀρνίθιον τὸ ζῶν εἰς τὸ αἷμα τοῦ ὀρνιθίου τοῦ σφαγέντος ἐφ' ὕδατι ζῶντι
- 7 Apre sa, l'a voye san an sèt fwa sou moun ki te gen move maladi po a epi l'a di moun lan nan kondisyon ankò pou fè sèvis Bondye. L'a lage zwazo vivan an pou l' vole al fè wout li nan bwa.
And shaking it seven times over the man who is to be made clean, he will say that he is clean and will let the living bird go free into the open country.
 και περιρρανεῖ ἐπὶ τὸν καθαρισθέντα ἀπὸ τῆς λέπρας ἑπτὰκις καὶ καθαρὸς ἔσται καὶ ἐξαποστελεῖ τὸ ὀρνίθιον τὸ ζῶν εἰς τὸ πεδῖον
- 8 Moun ki te malad la va lave rad ki te sou li yo, l'a kale tèt li nèt, l'a benyen nan gwo dlo, epi l'a nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. Apre sa, l'a antre nan kan kote moun rete a, men li p'ap antre lakay li pandan sèt jou.
And he who is to be made clean will have his clothing washed and his hair cut and have a bath, and he will be clean. And after that he will come back to the tent-circle; but he is to keep outside his tent for seven days.
 και πλυνεῖ ὁ καθαρισθεὶς τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ ξυρηθήσεται αὐτοῦ πᾶσαν τὴν τρίχα καὶ λούσεται ἐν ὕδατι καὶ καθαρὸς ἔσται καὶ μετὰ ταῦτα εἰσελεύσεται εἰς τὴν παρεμβολὴν καὶ διατρίψει ἔξω τοῦ οἴκου αὐτοῦ ἑπτὰ ἡμέρας
- 9 Sou setyèm jou a, l'a kale tèt li ankò, l'a koupe tout bab li, tout plim je l' ak tout plim ki sou tout rèz kò li. L'a lave rad ki te sou li a, l'a lave kò l' nan gwo dlo. Apre sa, l'a nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye.
And on the seventh day he is to have all the hair cut off his head and his chin and over his eyes--all his hair is to be cut off--and he will have his clothing washed and his body bathed in water and he will be clean.
 και ἔσται τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ ξυρηθήσεται πᾶσαν τὴν τρίχα αὐτοῦ τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ καὶ τὸν πώγωνα καὶ τὰς ὀφρῦσας καὶ πᾶσαν τὴν τρίχα αὐτοῦ ξυρηθήσεται καὶ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια καὶ λούσεται τὸ σῶμα αὐτοῦ ὕδατι καὶ καθαρὸς ἔσται

- 10 ¶ Sou wityèm jou a, l'a pran de ti belye ki pa gen ankenn enfimite ak yon ti fennèl mouton ki gen ennan epi ki pa gen ankenn enfimite. L'a pran tou de mamit farin melanje ak lwil oliv epi yon boutèy demi lit plen lwil oliv.
 And on the eighth day let him take two male lambs, without any marks on them, and one female lamb of the first year, without a mark, and three tenth parts of an ephah of the best meal, mixed with oil, and one log of oil.
 καὶ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ὀγδόῃ λήμψεται δύο ἀμνοὺς ἐνιαυσίους ἀμώμους καὶ πρόβατον ἐνιαύσιον ἄμωμον καὶ τρία δέκατα σεμιδάλεως εἰς θυσίαν πεφυραμένης ἐν ἐλαίῳ καὶ κοτύλην ἐλαίου μίαν
- 11 Prèt k'ap fè sèvis la va mennen moun lan ansanm ak ofrann li yo devan Seyè a, jouk nan papòt Tant Randevou a.
 And the priest who is making him clean will put the man who is being made clean, together with these things, before the door of the Tent of meeting.
 καὶ στήσει ὁ ἱερεὺς ὁ καθαρίζων τὸν ἄνθρωπον τὸν καθαριζόμενον καὶ ταῦτα ἔναντι κυρίου ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου
- 12 Rive la, prèt la va pran yonn nan ti belye yo, l'a ofri l' ansanm ak demi lit lwil la bay Seyè a pou peye pou sa moun lan te fè ki mal. L'a balanse yo devan Seyè a tankou yon ofrann espesyal pou Seyè a.
 And the priest is to take one of the male lambs and give it as an offering for wrongdoing, and the log of oil, waving them for a wave offering before the Lord;
 καὶ λήμψεται ὁ ἱερεὺς τὸν ἀμνὸν τὸν ἕνα καὶ προσάξει αὐτὸν τῆς πλημμελείας καὶ τὴν κοτύλην τοῦ ἐλαίου καὶ ἀφοριεῖ αὐτὸ ἀφόρισμα ἔναντι κυρίου
- 13 L'a touye ti mouton an kote yo konn touye bèt yo ofri pou mande padon an osinon pou boule nèt la, nan kote yo mete apa pou mete Bondye a. L'a fè sa konsa paske bèt moun yo ofri pou peye pou sa yo fè ki mal la osinon pou mande Bondye padon an, se pou prèt la li ye. Se yon ofrann yo mete apa nèt pou Seyè a.
 And he is to put the male lamb to death in the place where they put to death the sin-offering and the burned offering, in the holy place; for as the sin-offering is the property of the priest, so is the offering for wrongdoing: it is most holy.
 καὶ σφάζουσιν τὸν ἀμνὸν ἐν τόπῳ οὐ σφάζουσιν τὰ ὀλοκαυτώματα καὶ τὰ περὶ ἁμαρτίας ἐν τόπῳ ἁγίῳ ἔστιν γὰρ τὸ περὶ ἁμαρτίας ὡσπερ τὸ τῆς πλημμελείας ἔστιν τῷ ἱερεὶ ἅγια ἁγίων ἔστιν
- 14 Apre sa, prèt la va pran ti gout nan san ti mouton an, l'a pase l' sou pwent tete zòrèy dwat moun ki te malad la, sou gwo pous men dwat li ak sou gwo zòtèy pye dwat li.
 And let the priest take some of the blood of the offering for wrongdoing and put it on the point of the right ear of him who is to be made clean, and on the thumb of his right hand and on the great toe of his right foot;
 καὶ λήμψεται ὁ ἱερεὺς ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ τῆς πλημμελείας καὶ ἐπιθήσει ὁ ἱερεὺς ἐπὶ τὸν λοβὸν τοῦ ὠτὸς τοῦ καθαριζομένου τοῦ δεξιῦ καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τῆς χειρὸς τῆς δεξιᾶς καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ ποδὸς τοῦ δεξιῦ
- 15 Prèt la va pran ti gout lwil nan boutèy la, l'a vide l' nan pla men gòch li.
 And take some of the oil and put it in the hollow of his left hand;
 καὶ λαβὼν ὁ ἱερεὺς ἀπὸ τῆς κοτύλης τοῦ ἐλαίου ἐπιχειεῖ ἐπὶ τὴν χεῖρα τοῦ ἱερέως τὴν ἀριστεράν
- 16 L'a tranpe yon dwèt men dwat li nan lwil ki nan pla men gòch li a. Avèk dwèt la, l'a voye ti gout lwil sèt fwa devan lotèl Bondye a.
 And let the priest put his right finger in the oil which is in his left hand, shaking it out with his finger seven times before the Lord;
 καὶ βάψει τὸν δάκτυλον τὸν δεξιὸν ἀπὸ τοῦ ἐλαίου τοῦ ὄντος ἐπὶ τῆς χειρὸς τῆς ἀριστερᾶς καὶ ῥανεῖ ἑπτάκις τῷ δακτύλῳ ἔναντι κυρίου
- 17 L'a pran ti gout nan lwil ki nan pla men gòch li a, l'a mete l' menm kote li te mete san ti mouton an, ki vle di sou pwent tete zòrèy dwat moun lan, sou gwo pous men dwat li ak sou gwo zòtèy pye dwat li.
 And of the rest of the oil which is in his hand, the priest will put some on the point of the right ear of the man who is to be made clean, and on the thumb of his right hand and on the great toe of his right foot, over the blood of the offering for wrongdoing;
 τὸ δὲ καταλειφθὲν ἔλαιον τὸ ἐν ἐν τῇ χειρὶ ἐπιθήσει ὁ ἱερεὺς ἐπὶ τὸν λοβὸν τοῦ ὠτὸς τοῦ καθαριζομένου τοῦ δεξιῦ καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τῆς χειρὸς τῆς δεξιᾶς καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ ποδὸς τοῦ δεξιῦ ἐπὶ τὸ ν τόπον τοῦ αἵματος τοῦ τῆς πλημμελείας
- 18 Lèfini, l'a vide rès lwil ki nan pla men l' lan sou tèt moun lan. Se konsa prèt la va fè sèvis pou mande Bondye padon devan lotèl Seyè a.
 And the rest of the oil in the priest's hand he will put on the head of him who is to be made clean; and so the priest will make him free from sin before the Lord.
 τὸ δὲ καταλειφθὲν ἔλαιον τὸ ἐπὶ τῆς χειρὸς τοῦ ἱερέως ἐπιθήσει ὁ ἱερεὺς ἐπὶ τὴν κεφαλὴν τοῦ καθαρισθέντος καὶ ἐξιλάσεται περὶ αὐτοῦ ὁ ἱερεὺς ἔναντι κυρίου
- 19 Apre sa, prèt la va fè ofrann pou peye sa moun lan fè ki mal. L'a fè sèvis pou mande Bondye padon pou moun ki te malad la. L'a touye bèt pou yo boule nèt la.
 And the priest will give the sin-offering, and take away the sin of him who is to be made clean from his unclean condition; and after that he will put the burned offering to death.
 καὶ ποιήσει ὁ ἱερεὺς τὸ περὶ τῆς ἁμαρτίας καὶ ἐξιλάσεται ὁ ἱερεὺς περὶ τοῦ ἀκαθάρτου τοῦ καθαριζομένου ἀπὸ τῆς ἁμαρτίας αὐτοῦ καὶ μετὰ τοῦτο σφάζει ὁ ἱερεὺς τὸ ὀλοκαύτωμα
- 20 L'a mete l' sou lotèl la ansanm ak farin ble melanje ak lwil la. Se konsa prèt la va fè sèvis pou mande padon pou moun lan, epi moun lan va nan kondisyon ankò pou l' fè sèvis Bondye.
 And the priest is to have the burned offering and the meal offering burned on the altar; and the priest will take away his sin and he will be clean.
 καὶ ἀνοίσει ὁ ἱερεὺς τὸ ὀλοκαύτωμα καὶ τὴν θυσίαν ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον ἔναντι κυρίου καὶ ἐξιλάσεται περὶ αὐτοῦ ὁ ἱερεὺς καὶ καθαρισθήσεται

- 21 ¶ Si moun lan pòn epi li pa gen anpil mwayen, l'a pote yon sèl ti mouton pou yo ofri pou peye pou sa moun lan te fè ki mal la. L'a pote twaka mamit farin sèlman melanje ak lwil oliv ak yon boutèy demi lit plen lwil.
And if he is poor and not able to get so much, then he may take one male lamb as an offering for wrongdoing, to be waved to take away his sin, and one tenth part of an ephah of the best meal mixed with oil for a meal offering, and a log of oil;
ἐὰν δὲ πένηται καὶ ἡ χεὶρ αὐτοῦ μὴ εὐρίσκη λήμψεται ἄμνον ἓνα εἰς ὃ ἐπλημέλησεν εἰς ἀφαίρεμα ὥστε ἐξιλάσασθαι περὶ αὐτοῦ καὶ δέκατον σεμιδάλεως πεφυραμένης ἐν ἐλαίῳ εἰς θυσίαν καὶ κοτύλην ἐλαίου μίαν
- 22 L'a pote de ti toutrèl tou osinon de ti pijon, jan mwayen li va penmèt li, yonn pou sèvi ofrann pou mande padon, lòt la pou boule nèt pou Seyè a.
And two doves or two young pigeons, such as he is able to get; and one will be for a sin-offering and the other for a burned offering.
καὶ δύο τρυγόνας ἢ δύο νεοσσούς περιστερῶν ὅσα εὔρεν ἡ χεὶρ αὐτοῦ καὶ ἔσται ἡ μία περὶ ἁμαρτίας καὶ ἡ μία εἰς ὀλοκαύτωμα
- 23 Sou wityèm jou a, l'a pote yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a, pou prèt la fè sèvis pou mete l' nan kondisyon pou li ka sèvi Seyè a ankò.
And on the eighth day he will take them to the priest, to the door of the Tent of meeting before the Lord, so that he may be made clean.
καὶ προσοίσει αὐτὰ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ὀγδόῃ εἰς τὸ καθαρίσαι αὐτὸν πρὸς τὸν ἱερέα ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου ἔναντι κυρίου
- 24 Prèt la va pran ti mouton li ofri pou peye pou sa moun lan fè ki mal la ansanm ak boutèy lwil la, l'a balanse yo devan Seyè a tankou yon ofrann.
And the priest will take the lamb of the offering for wrongdoing and the oil, waving them for a wave offering before the Lord;
καὶ λαβὼν ὁ ἱερεὺς τὸν ἄμνον τῆς πλημμελείας καὶ τὴν κοτύλην τοῦ ἐλαίου ἐπιθήσει αὐτὰ ἐπίθεμα ἔναντι κυρίου
- 25 Apre sa, l'a touye ti mouton an, l'a pran ti gout nan san li l'a mete sou pwent tete zòrèy dwat moun ki te malad la, sou gwo pous men dwat li ak sou gwo zòtèy pye dwat li.
And he will put to death the lamb of the offering for wrongdoing and the priest will take some of the blood of the offering for wrongdoing and put it on the point of the right ear of him who is to be made clean, and on the thumb of his right hand and on the great toe of his right foot;
καὶ σφάζει τὸν ἄμνον τῆς πλημμελείας καὶ λήμψεται ὁ ἱερεὺς ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ τῆς πλημμελείας καὶ ἐπιθήσει ἐπὶ τὸν λοβὸν τοῦ ὠτὸς τοῦ καθαριζομένου τοῦ δεξιοῦ καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τῆς χειρὸς τῆς δεξιᾶς καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ ποδὸς τοῦ δεξιοῦ
- 26 Prèt la va vide ti gout lwil nan pla men gòch li,
And the priest will put out some of the oil in the hollow of his left hand,
καὶ ἀπὸ τοῦ ἐλαίου ἐπιχεῖ ὁ ἱερεὺς ἐπὶ τὴν χεῖρα τοῦ ἱερέως τὴν ἄριστεράν
- 27 l'a tranpe yon dwèt men dwat li nan lwil ki nan pla men gòch li a. Avèk dwèt la, l'a voye lwil la sèt fwa devan lotèl Seyè a.
Shaking out drops of oil with his right finger before the Lord seven times:
καὶ ῥανεῖ ὁ ἱερεὺς τῷ δακτύλῳ τῷ δεξιῷ ἀπὸ τοῦ ἐλαίου τοῦ ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ τῇ ἄριστερᾷ ἑπτὰκις ἔναντι κυρίου
- 28 Apre sa, l'a pran nan lwil ki nan men gòch li a, l'a mete l' menm kote li te mete san ti mouton an, ki vle di sou pwent tete zòrèy dwat moun lan, sou gwo pous men dwat li a ak sou gwo zòtèy pye dwat li a.
And the priest will put some of the oil which is in his hand on the point of the ear of the man who is to be made clean and on the thumb of his right hand and on the great toe of his right foot, on the place where the blood of the offering for wrongdoing was put;
καὶ ἐπιθήσει ὁ ἱερεὺς ἀπὸ τοῦ ἐλαίου τοῦ ἐπὶ τῆς χειρὸς αὐτοῦ ἐπὶ τὸν λοβὸν τοῦ ὠτὸς τοῦ καθαριζομένου τοῦ δεξιοῦ καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τῆς χειρὸς αὐτοῦ τῆς δεξιᾶς καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ ποδὸς αὐτοῦ τοῦ δεξιοῦ ἐπὶ τὸν τόπον τοῦ αἵματος τοῦ τῆς πλημμελείας
- 29 Lèfini, l'a vide rès lwil ki nan pla men gòch li a sou tèt moun lan. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon devan lotèl Seyè a.
And the rest of the oil which is in the priest's hand he will put on the head of him who is to be made clean, to take away his sin before the Lord.
τὸ δὲ καταλειφθὲν ἀπὸ τοῦ ἐλαίου τὸ ἐν ἐπὶ τῆς χειρὸς τοῦ ἱερέως ἐπιθήσει ἐπὶ τὴν κεφαλὴν τοῦ καθαρισθέντος καὶ ἐξιλάσεται περὶ αὐτοῦ ὁ ἱερεὺς ἔναντι κυρίου
- 30 Apre sa, l'a ofri toutrèl yo, osinon pijon yo, dapre sa mwayen moun lan te penmèt li,
And he will make an offering of one of the doves or the young pigeons, such as he is able to get;
καὶ ποιήσει μίαν τῶν τρυγόνων ἢ ἀπὸ τῶν νεοσσῶν τῶν περιστερῶν καθότι εὔρεν αὐτοῦ ἡ χεὶρ
- 31 yonn pou mande padon pou peche, lòt la pou yo boule nèt ansanm ak ofrann farin ble a. Se konsa prèt la va fè sèvis pou mande Bondye padon pou moun lan.
And of these, he will give one for a sin-offering and one for a burned offering, with the meal offering; and the priest will take away the sin of him who is to be made clean before the Lord.
τὴν μίαν περὶ ἁμαρτίας καὶ τὴν μίαν εἰς ὀλοκαύτωμα σὺν τῇ θυσίᾳ καὶ ἐξιλάσεται ὁ ἱερεὺς περὶ τοῦ καθαριζομένου ἔναντι κυρίου
- 32 Men regleman pou yo swiv lè yon moun ki gen move maladi po pa gen dekwa pou l' ofri tou sa li te dwe ofri pou sèvis ki pou mete l' nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò.
This is the law for the man who has the disease of the leper on him, and who is not able to get that which is necessary for making himself clean.
οὗτος ὁ νόμος ἐν ᾧ ἔστιν ἡ ἀφή τῆς λέπρας καὶ τοῦ μὴ εὐρίσκοντος τῇ χειρὶ εἰς τὸν καθαρισμὸν αὐτοῦ

- 33 ¶ Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo:
And the Lord said to Moses and Aaron,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν καὶ ααρων λέγων
- 34 -Lè n'a fin antre nan peyi Kanaran an, peyi m'ap ban nou pou rele nou pa nou an, si mwen voye salpèt sou yonn nan kay kote nou rete yo, men sa pou nou fè.
When you have come into the land of Canaan which I will give you for your heritage, if I put the leper's disease on a house in the land of your heritage,
 ὡς ἂν εισέλθητε εἰς τὴν γῆν τῶν χαναναίων ἢν ἐγὼ δίδωμι ὑμῖν ἐν κτήσει καὶ δώσω ἀφὴν λέπρας ἐν ταῖς οἰκίαις τῆς γῆς τῆς ἐγκτήτου ὑμῖν
- 35 Mèt kay la va al jwenn prèt la, l'a di l': Gen yon bagay tankou salpèt ki parèt sou miray kay mwen an.
Then let the owner of the house come and say to the priest, It seems to me that there is a sort of leper's disease in the house.
 και ἤξει τίνος αὐτοῦ ἡ οἰκία καὶ ἀναγγελεῖ τῷ ἱερεῖ λέγων ὥσπερ ἀφὴ ἐώραταί μου ἐν τῇ οἰκίᾳ
- 36 Prèt la va bay lòd pou yo mete tou sa ki nan kay la deyò anvan li vin egzaminen kay la. Konsa, tou sa ki te nan kay la ka toujou sèvi pou moun k'ap sèvi Bondye. Apre sa, prèt la va vini, l'a antre nan kay la pou egzaminen l'.
And the priest will give orders for everything to be taken out of the house, before he goes in to see the disease, so that the things in the house may not become unclean; and then the priest is to go in to see the house;
 και προστάξει ὁ ἱερεὺς ἀποσκευάσαι τὴν οἰκίαν πρὸ τοῦ εἰσελθόντα ἰδεῖν τὸν ἱερέα τὴν ἀφὴν καὶ οὐ μὴ ἀκάθαρτα γένηται ὅσα ἐὰν ᾖ ἐν τῇ οἰκίᾳ καὶ μετὰ ταῦτα εἰσελεύσεται ὁ ἱερεὺς καταμαθεῖν τὴν οἰκίαν
- 37 L'a egzaminen tout miray yo. Si li wè gen kèk kote ki manje nan miray la, epi ki gen ti koulè vèt osinon wouj,
And if he sees that the walls of the house are marked with hollows of green and red, and if it seems to go deeper than the face of the wall;
 και ὄψεται τὴν ἀφὴν ἐν τοῖς τοίχοις τῆς οἰκίας κοιλιάδας χλωρίζουσας ἢ πυρριζοῦσας καὶ ἡ ὄψις αὐτῶν ταπεινότερα τῶν τοίχων
- 38 prèt la va soti nan kay la, l'a fèmen l' akle pou sèt jou.
Then the priest will go out of the door of the house, and keep the house shut up for seven days:
 και ἐξελθὼν ὁ ἱερεὺς ἐκ τῆς οἰκίας ἐπὶ τὴν θύραν τῆς οἰκίας καὶ ἀφοριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν οἰκίαν ἑπτὰ ἡμέρας
- 39 Sou setyèm jou a, prèt la va tounen, l'a egzaminen miray kay la ankò. Si li wè tach la gaye sou miray kay la,
And the priest is to come again on the seventh day and have a look and see if the marks on the walls of the house are increased in size;
 και ἐπανήξει ὁ ἱερεὺς τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ καὶ ὄψεται τὴν οἰκίαν καὶ ἰδοὺ οὐ διεχύθη ἡ ἀφὴ ἐν τοῖς τοίχοις τῆς οἰκίας
- 40 prèt la va bay lòd pou yo wete wòch kote yo te jwenn salpèt la, y'a voye wòch yo jete yon kote andeyò lavil la, kote yo mete bagay ki pa ka sèvi pou sèvis Bondye.
Then the priest will give orders to them to take out the stones in which the disease is seen, and put them out into an unclean place outside the town:
 και προστάξει ὁ ἱερεὺς καὶ ἐξελοῦσιν τοὺς λίθους ἐν οἷς ἐστὶν ἡ ἀφὴ καὶ ἐκβαλοῦσιν αὐτοὺς ἔξω τῆς πόλεως εἰς τόπον ἀκάθαρτον
- 41 Apre sa, l'a fè yo grate tout anndan kay la, epi y'a jete tout vye kras mòtè yo te grate a andeyò lavil la, menm kote yo mete bagay ki pa ka sèvi nan sèvis Bondye.
And he will have the house rubbed all over inside, and the paste which is rubbed off will be put out into an unclean place outside the town:
 και ἀποξύσουσιν τὴν οἰκίαν ἔσωθεν κύκλω καὶ ἐκχεοῦσιν τὸν χοῦν ἔξω τῆς πόλεως εἰς τόπον ἀκάθαρτον
- 42 Y'a pran lòt wòch ranplase wòch yo te wete yo epi y'a rekrepri kay la.
And they will take other stones and put them in place of those stones, and he will take other paste and put it on the walls of the house.
 και λήμψονται λίθους ἀπεξυσμένους ἐτέρους καὶ ἀντιθήσουσιν ἀντὶ τῶν λίθων καὶ χοῦν ἕτερον λήμψονται καὶ ἐξαλείψουσιν τὴν οἰκίαν
- 43 Si salpèt la parèt ankò apre yo fin wete wòch malad yo, apre yo fin grate kay la epi yo rekrepri l',
And if the disease comes out again in the house after he has taken out the stones and after the walls have been rubbed and the new paste put on,
 ἐὰν δὲ ἐπέλθῃ πάλιν ἀφὴ καὶ ἀνατεῖλῃ ἐν τῇ οἰκίᾳ μετὰ τὸ ἐξελεῖν τοὺς λίθους καὶ μετὰ τὸ ἀποξυσθῆναι τὴν οἰκίαν καὶ μετὰ τὸ ἐξαλειφθῆναι
- 44 prèt la va tounen vin gade. Si li wè salpèt la gaye nan kay la, la konnen kay la gen yon move maladi sou miray li. Moun k'ap sèvi Bondye pa ka rete ladan l'.
Then the priest will come and see it; and if the disease in the house is increased in size, it is the leper's disease working out in the house: it is unclean.
 και εἰσελεύσεται ὁ ἱερεὺς καὶ ὄψεται εἰ διακέχεται ἡ ἀφὴ ἐν τῇ οἰκίᾳ λέπρα ἔμμονός ἐστιν ἐν τῇ οἰκίᾳ ἀκάθαρτός ἐστιν
- 45 Lè sa a, y'a demoli kay la nèt epi y'a pran wòch, bwa, mòtè ki te nan kay la, y'a voye yo jete andeyò lavil la, kote yo mete bagay ki pa ka sèvi pou sèvis Bondye.
And the house will have to be pulled down, the stones of it and the wood and the paste; and everything is to be taken out to an unclean place outside the town.
 και καθελοῦσιν τὴν οἰκίαν καὶ τὰ ξύλα αὐτῆς καὶ τοὺς λίθους αὐτῆς καὶ πάντα τὸν χοῦν ἐξοίσουσιν ἔξω τῆς πόλεως εἰς τόπον ἀκάθαρτον

- 46 Tout moun ki te antre anndan kay la lè kay la te fèmen an p'ap nan kondisyon pou sèvi Bondye jouk aswè rive.
And, in addition, anyone who goes into the house at any time, while it is shut up, will be unclean till evening.
 και ὁ εισπορευόμενος εἰς τὴν οἰκίαν πάσας τὰς ἡμέρας ὡς ἀφορισμένη ἐστὶν ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 47 Tout moun ki te kouche osinon ki te manje anndan kay la va gen pou lave rad ki te sou yo.
And anyone who has been sleeping in the house will have to have his clothing washed; and anyone who takes food in that house will have to have his clothing washed.
 και ὁ κοιμώμενος ἐν τῇ οἰκίᾳ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ και ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας και ὁ ἔσθων ἐν τῇ οἰκίᾳ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ και ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 48 Lè prèt la vin gade a, si li te jwenn salpèt la disparèt nèt apre yo te fin rekrepri kay la, prèt la va fè konnen kay la nan bon kondisyon ankò pou moun k'ap sèvi Bondye ka rete ladan l', paske salpèt la disparèt nèt.
And if the priest comes in, and sees that the disease is not increased after the new paste has been put on the house, then the priest will say that the house is clean, because the disease is gone.
 ἐὰν δὲ παραγενόμενος εἰσέλθῃ ὁ ἱερεὺς και ἴδῃ και ἰδοὺ διαχύσει οὐ διαχέεται ἢ ἀφή ἐν τῇ οἰκίᾳ μετὰ τὸ ἐξολειφθῆναι τὴν οἰκίαν και καθαριεῖ ὁ ἱερεὺς τὴν οἰκίαν ὅτι ἰάθη ἢ ἀφή
- 49 Apre sa, prèt la va fè sèvis pou wete peche nan kay la. L'a pran de zwazo, kèk moso bwa sèd, yon moso twal kamwazi ak yon ti branch izòp.
And in order to make the house clean, let him take two birds and cedar-wood and red thread and hyssop;
 και λήμψεται ἀφαγίαι τὴν οἰκίαν δύο ὀρνίθια ζῶντα καθαρά και ζύλον κέδρινον και κεκλωσμένον κόκκινον και ὕσσωπον
- 50 L'a touye yonn nan ti zwazo yo anwo yon bòl an tè plen dlo fre.
And put one of the birds to death in a vessel of earth over flowing water;
 και σφάζει τὸ ὀρνίθιον τὸ ἐν εἰς σκευὸς ὀστράκινον ἐφ' ὕδατι ζῶντι
- 51 Apre sa, l'a pran bwa sèd la, ti branch izòp la, moso twal kamwazi a ansanm ak lòt zwazo ki vivan an, l'a plonje yo nan san premye zwazo a ki melanje ak dlo fre a. Apre sa, l'a voye san an sèt fwa sou kay la.
And take the cedar-wood and the hyssop and the red thread and the living bird and put them in the blood of the dead bird and in the flowing water, shaking it over the house seven times.
 και λήμψεται τὸ ζύλον τὸ κέδρινον και τὸ κεκλωσμένον κόκκινον και τὸν ὕσσωπον και τὸ ὀρνίθιον τὸ ζῶν και βάψει αὐτὸ εἰς τὸ αἷμα τοῦ ὀρνιθίου τοῦ ἐσφαγμένου ἐφ' ὕδατι ζῶντι και περιρρανεῖ ἐν αὐτοῖς ἐπὶ τὴν οἰκίαν ἑπτάκις
- 52 Se konsa prèt la va fè sèvis pou wete peche nan kay la, avèk san zwazo a, dlo fre a, zwazo vivan an, bwa sèd la, ti branch izòp la, epi moso twal kamwazi a.
And he will make the house clean with the blood of the bird and the flowing water and with the living bird and with the cedar-wood and the hyssop and the red thread.
 και ἀφαγνιεῖ τὴν οἰκίαν ἐν τῷ αἵματι τοῦ ὀρνιθίου και ἐν τῷ ὕδατι τῷ ζῶντι και ἐν τῷ ὀρνιθίῳ τῷ ζῶντι και ἐν τῷ ζύλῳ τῷ κεδρίνῳ και ἐν τῷ ὕσσώπῳ και ἐν τῷ κεκλωσμένῳ κοκκίνῳ
- 53 Apre sa, l'a lage ti zwazo vivan an pou l' vole al fè wout li nan bwa andeyò lavil la. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon pou kay la epi kay la va nan bon kondisyon pou moun k'ap sèvi Bondye ka rete ladan l' ankò.
But he will let the living bird go out of the town into the open country; so he will take away sin from the house and it will be clean.
 και ἐξαποστελεῖ τὸ ὀρνίθιον τὸ ζῶν ἔξω τῆς πόλεως εἰς τὸ πεδῖον και ἐξιλιάσεται περὶ τῆς οἰκίας και καθαρὸ ἔσται
- 54 ¶ Men regleman pou nou swiv lè yon moun gen move maladi po osinon pyas,
This is the law for all signs of the leper's disease and for skin diseases;
 οὗτος ὁ νόμος κατὰ πᾶσαν ἀφήν λέπρας και θραύσματος
- 55 lè kanni tonbe sou rad osinon lè salpèt parèt nan yon kay,
And for signs of disease in clothing, or in a house;
 και τῆς λέπρας ἱματίου και οἰκίας
- 56 lè yon moun gen yon kote sou po l' ki anfle osinon lè li gen yon bouton ou ankò yon tach ki parèt sou po l'.
And for a growth or a bad place or a bright mark on the skin;
 και οὐλῆς και σημασίας και τοῦ ἀυγάζοντος
- 57 Se konsa n'a konnen lè yon bagay nan bon kondisyon osinon lè li pa nan bon kondisyon pou moun k'ap sèvi Bondye. Se tout regleman yo sa pou move maladi po.
To make clear when it is unclean and when it is clean: this is the law about the disease of the leper.
 και τοῦ ἐξηγήσασθαι ἢ ἡμέρα ἀκάθαρτον και ἢ ἡμέρα καθαρισθήσεται οὗτος ὁ νόμος τῆς λέπρας
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo konsa:
And the Lord said to Moses and to Aaron,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν και ααρὼν λέγων

- 2 -Pale ak pèp Izrayèl la, di yo pou mwen: Lè yon nonm gen ekoulman, li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
Say to the children of Israel: If a man has an unclean flow from his flesh, it will make him unclean.
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς αὐτοῖς ἀνδρὶ ἀνδρὶ ᾧ ἐὰν γένηται ῥύσις ἐκ τοῦ σώματος αὐτοῦ ἢ ῥύσις αὐτοῦ ἀκάθαρτός ἐστιν
- 3 Kit ekoulman an ap koule, kit li bloke ti pati li, nonm lan pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
If the flow goes on or if the part is stopped up, to keep back the flow, he is still unclean.
καὶ οὗτος ὁ νόμος τῆς ἀκαθαρσίας αὐτοῦ ῥέων γόνον ἐκ σώματος αὐτοῦ ἐκ τῆς ῥύσεως ἧς συνέστηκεν τὸ σῶμα αὐτοῦ διὰ τῆς ῥύσεως αὐτῆ ἢ ἀκαθαρσία αὐτοῦ ἐν αὐτῷ πᾶσαι αἱ ἡμέραι ῥύσεως σώματος αὐτοῦ ἢ συνέστηκεν τὸ σῶμα αὐτοῦ διὰ τῆς ῥύσεως ἀκαθαρσία αὐτοῦ ἐστιν
- 4 Moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi ak kabann kote moun malad la kouche ni ak bagay kote l' te chita.
Every bed on which he has been resting will be unclean, and everything on which he has been seated will be unclean.
πᾶσα κοίτη ἐφ' ἣ ἐὰν κοιμηθῆ ἐπ' αὐτῆς ὁ γονορρυῆς ἀκάθαρτός ἐστιν καὶ πᾶν σκεῦος ἐφ' ὃ ἐὰν καθίσῃ ἐπ' αὐτὸ ὁ γονορρυῆς ἀκάθαρτον ἔσται
- 5 Tout moun ki manyen kabann lan gen pou lave rad ki sou yo, yo gen pou yo benyen nan gwo dlo, epi yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone touching his bed is to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ ἄνθρωπος ὃς ἂν ἄψῃται τῆς κοίτης αὐτοῦ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ λούσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 6 Konsa tou, tout moun ki chita sou bagay kote li te chita gen pou lave rad ki sou yo, pou yo benyen nan gwo dlo epi yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And he who has been seated on anything on which the unclean man has been seated is to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ ὁ καθήμενος ἐπὶ τοῦ σκεύους ἐφ' ὃ ἐὰν καθίσῃ ὁ γονορρυῆς πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ λούσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 7 Tout moun ki manyen yon moun ki gen ekoulman gen pou yo lave rad ki sou yo, pou yo benyen nan gwo dlo epi yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone touching the flesh of the unclean man is to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ ὁ ἀπτόμενος τοῦ χρωτὸς τοῦ γονορρυοῦς πλυνεῖ τὰ ἱμάτια καὶ λούσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 8 Si nonm malad la krache sou yon moun ki te nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, moun sa a gen pou l' lave rad ki te sou li a, li gen pou l' benyen nan gwo dlo epi li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And if liquid from the mouth of the unclean man comes on to him who is clean, then he is to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
ἐὰν δὲ προσειλίξῃ ὁ γονορρυῆς ἐπὶ τὸν καθαρὸν πλυνεῖ τὰ ἱμάτια καὶ λούσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 9 Si nonm malad la moute sou yon sèl chwal, moun ki nan kondisyon pou fè sèvis Bondye pa ka sèvi avèk sèl la.
And any leather seat on a horse on which the unclean man has been seated will be unclean.
καὶ πᾶν ἐπίσκιμα ὄνου ἐφ' ὃ ἂν ἐπιβῆ ἐπ' αὐτὸ ὁ γονορρυῆς ἀκάθαρτον ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 10 Tout moun ki manyen nenpòt bagay kote nonm lan te chita a p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. Tout moun ki va pran nenpòt bagay kote nonm lan te chita a pou yo pote l' ak men yo, yo gen pou lave rad sou yo, pou yo benyen nan gwo dlo epi yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone touching anything which was under him will be unclean till the evening; anyone taking up any of these things is to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ πᾶς ὁ ἀπτόμενος ὅσα ἐὰν ἦ ὑποκάτω αὐτοῦ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας καὶ ὁ αἶρον αὐτὰ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ λούσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 11 Si yon nonm ki gen ekoulman manyen yon moun san li pa lave men l' anvan, moun sa a gen pou lave rad ki sou li, li gen pou l' benyen nan gwo dlo epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone on whom the unclean man puts his hands, without washing them in water, is to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ ὅσων ἐὰν ἄψῃται ὁ γονορρυῆς καὶ τὰς χεῖρας οὐ νένιπται πλυνεῖ τὰ ἱμάτια καὶ λούσεται τὸ σῶμα ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 12 Depi nonm malad la manyen yon vesò fèt an tè, se pou yo kraze vesò a. Men, si vesò a fèt an bwa, y'a lave l' nan gwo dlo.
And any vessel of earth which has been touched by the unclean man will have to be broken and any vessel of wood washed.
καὶ σκεῦος ὀστράκινον οὗ ἂν ἄψῃται ὁ γονορρυῆς συντριβήσεται καὶ σκεῦος ξύλινον νιφήσεται ὕδατι καὶ καθαρὸν ἔσται
- 13 Apre nonm ki te gen ekoulman an fin geri, li gen pou l' tann sèt jou anvan li fè sèvis ki pou mete l' nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Lè sa a, l'a lave rad ki sou li, l'a benyen nan dlo dous. Se konsa l'a vin nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò.
And when a man who has a flow from his body is made clean from it, he is to take seven days to make himself clean, washing his clothing and bathing his body in flowing water, and then he will be clean.
ἐὰν δὲ καθαρῶσθῃ ὁ γονορρυῆς ἐκ τῆς ῥύσεως αὐτοῦ καὶ ἐξαριθμησεται αὐτῷ ἑπτὰ ἡμέρας εἰς τὸν καθαρισμόν καὶ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ λούσεται τὸ σῶμα ὕδατι καὶ καθαρὸς ἔσται

- 14 Sou wityèm jou a, l'a pran de toutrèl osinon de pijon, l'a pote yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a.
And on the eighth day he is to take two doves or two young pigeons and come before the Lord to the door of the Tent of meeting and give them to the priest:
καὶ τῆ ἡμέρῃ τῆ ὀγδόῃ λήμψεται ἑαυτῷ δύο τρυγόνας ἢ δύο νεοσσούς περιστερῶν καὶ οἶσαι αὐτὰ ἔναντι κυρίου ἐπὶ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ δώσει αὐτὰ τῷ ἱερεῖ
- 15 Prèt la va ofri yonn ladan yo pou wete peche li yo, lòt la pou yo boule nèt pou Seyè a. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon pou ekoulman nonm lan te genyen an.
And they are to be offered by the priest, one for a sin-offering and one for a burned offering, and the priest will take away his sin before the Lord on account of his flow.
καὶ ποιήσει αὐτὰ ὁ ἱερεὺς μίαν περὶ ἁμαρτίας καὶ μίαν εἰς ὀλοκαύτωμα καὶ ἐξλάσεται περὶ αὐτοῦ ὁ ἱερεὺς ἔναντι κυρίου ἀπὸ τῆς ρύσεως αὐτοῦ
- 16 Lè yon nonm voye sou li, se pou li lave tout kò l' nan dlo epi li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And if a man's seed goes out from him, then all his body will have to be bathed in water and he will be unclean till evening.
καὶ ἄνθρωπος ὃ ἔαν ἐξέλθῃ ἐξ αὐτοῦ κοίτη σπέρματος καὶ λούσεται ὕδατι πᾶν τὸ σῶμα αὐτοῦ καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 17 Depi dechay la tonbe sou yon bagay fèt an twal osinon an po, se pou yo lave bagay sa yo, epi moun ki nan kondisyon pou fè sèvis Bondye p'ap ka sèvi ak bagay sa yo jouk aswè.
And any clothing or skin on which the seed comes is to be washed with water and be unclean till evening.
καὶ πᾶν ἱμάτιον καὶ πᾶν δέρμα ἐφ' ὃ ἔαν ἦ ἐπ' αὐτὸ κοίτη σπέρματος καὶ πλυθήσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτον ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 18 Lè yon nonm kouche ak yon fanm epi li voye anndan l', tou de gen pou benyen nan gwo dlo, epi yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And if a man has sex relations with a woman and his seed goes out from him, the two of them will have to be bathed in water and will be unclean till evening.
καὶ γυνή ἔαν κοιμηθῇ ἀνὴρ μετ' αὐτῆς κοίτην σπέρματος καὶ λούσονται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτοι ἔσονται ἕως ἑσπέρας
- 19 ¶ Lè yon fanm gen règ li, li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye pandan sèt jou. Tout moun ki manyen l' pandan sèt jou sa yo p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And if a woman has a flow of blood from her body, she will have to be kept separate for seven days, and anyone touching her will be unclean till evening.
καὶ γυνή ἣτις ἔαν ἦ ῥέουσα αἷματι ἔσται ἡ ῥύσις αὐτῆς ἐν τῷ σώματι αὐτῆς ἑπτὰ ἡμέρας ἔσται ἐν τῇ ἀφέδρῳ αὐτῆς πᾶς ὁ ἀπτόμενος αὐτῆς ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 20 Lè konsa, moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi ak kabann kote l' kouche ni ak bagay li te sèvi pou l' chita.
And everything on which she has been resting, while she is kept separate, will be unclean, and everything on which she has been seated will be unclean.
καὶ πᾶν ἐφ' ὃ ἂν κοιτάζῃται ἐπ' αὐτὸ ἐν τῇ ἀφέδρῳ αὐτῆς ἀκάθαρτον ἔσται καὶ πᾶν ἐφ' ὃ ἂν ἐπικαθίσῃ ἐπ' αὐτὸ ἀκάθαρτον ἔσται
- 21 Lè yon moun manyen kabann yon fanm konsa, li gen pou l' lave rad ki sou li, l'a benyen nan gwo dlo, epi li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone touching her bed will have to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ πᾶς ὃς ἔαν ἄψηται τῆς κοίτης αὐτῆς πλυεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ λούσεται τὸ σῶμα αὐτοῦ ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 22 Si yon moun manyen yon bagay fanm lan te sèvi pou l' chita, li gen pou l' lave rad ki sou li, l'a benyen nan gwo dlo epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone touching anything on which she has been seated will have to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening.
καὶ πᾶς ὁ ἀπτόμενος παντὸς σκεύους οὗ ἔαν καθίσῃ ἐπ' αὐτὸ πλυεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ λούσεται ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 23 Wi, depi se kabann fanm lan osinon yon bagay fanm lan sèvi pou l' chita yon moun manyen, moun sa a p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè.
Anyone touching anything on the bed or on the thing on which she has been seated, will be unclean till evening.
ἔαν δὲ ἐν τῇ κοίτῃ αὐτῆς οὖσης ἢ ἐπὶ τοῦ σκεύους οὗ ἔαν καθίσῃ ἐπ' αὐτῷ ἐν τῷ ἄπτεισθαι αὐτὸν αὐτῆς ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 24 Si yon nonm kouche ak yon fanm ki gen règ li epi li sal ak san, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye pandan sèt jou. Depi li kouche sou yon kabann, moun k'ap sèvi Bondye p'ap ka sèvi ak kabann sa a.
And if any man has sex relations with her so that her blood comes on him, he will be unclean for seven days and every bed on which he has been resting will be unclean.
ἔαν δὲ κοίτη τις κοιμηθῇ μετ' αὐτῆς καὶ γένηται ἡ ἀκαθαρσία αὐτῆς ἐπ' αὐτῷ καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἑπτὰ ἡμέρας καὶ πᾶσα κοίτη ἐφ' ἣ ἂν κοιμηθῇ ἐπ' αὐτῆς ἀκάθαρτος ἔσται
- 25 Si yon fanm gen règ li pandan plizyè jou lè li pa nan peryòd li, osinon si règ li kontinye koule kèk jou apre peryòd li pase, se va menm jan an tou. Li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye pandan tout jou san an ap koule a, tankou lè l' gen règ li nòmal.
And if a woman has a flow of blood for a long time, not at the time when she generally has it, or if the flow goes on longer than the normal time, she will be unclean while the flow of blood goes on, as she is at other normal times.
καὶ γυνή ἔαν ῥέῃ ῥύσει αἵματος ἡμέρας πλείους οὐκ ἐν καιρῷ τῆς ἀφέδρου αὐτῆς ἔαν καὶ ῥέῃ μετὰ τὴν ἀφέδρου αὐτῆς πᾶσαι αἱ ἡμέραι ῥύσεως ἀκαθαρσίας αὐτῆς καθάπερ αἱ ἡμέραι τῆς ἀφέδρου ἀκαθαρτος ἔσται
- 26 Lè sa a, moun k'ap sèvi Bondye pa ka sèvi ni ak kabann kote l' kouche ni ak bagay li sèvi pou l' chita.
Every bed on which she has been resting will be unclean, as at the times when she normally has a flow of blood, and everything on which she has been seated will be unclean, in the same way.
καὶ πᾶσαν κοίτην ἐφ' ἣν ἂν κοιμηθῇ ἐπ' αὐτῆς πᾶσας τὰς ἡμέρας τῆς ῥύσεως κατὰ τὴν κοίτην τῆς ἀφέδρου ἔσται αὐτῇ καὶ πᾶν σκεῦος ἐφ' ὃ ἔαν καθίσῃ ἐπ' αὐτὸ ἀκάθαρτον ἔσται κατὰ τὴν ἀκαθαρσίαν τῆς ἀφέδρου

- 27 Si yon moun manyen yonn nan bagay sa yo, li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye, l'a gen pou l' lave rad ki sou li, pou l' benyen nan gwo dlo epi li p'ap nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye jouk aswè.
And anyone touching these things will be unclean, and his clothing will have to be washed and his body bathed in water and he will be unclean till evening.
πάς ὁ ἀπτόμενος αὐτῆς ἀκάθαρτος ἔσται καὶ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια καὶ λούσεται τὸ σῶμα ὕδατι καὶ ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας
- 28 Lè san an va sispann koule, fanm lan va tann sèt jou. Se apre sa l'a nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye.
But when her flow of blood is stopped, after seven days she will be clean.
ἐὰν δὲ καθαρισθῆ ἀπὸ τῆς ρύσεως καὶ ἐξαριθμησεται αὐτῇ ἑπτὰ ἡμέρας καὶ μετὰ ταῦτα καθαρισθήσεται
- 29 Sou wityèm jou a, l'a pran de toutrèl osinon de pìjon, l'a pote yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a.
And on the eighth day let her get two doves or two young pigeons and take them to the priest to the door of the Tent of meeting,
καὶ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ὀγδόῃ λήμψεται αὐτῇ δύο τρυγόνας ἢ δύο νεοσσούς περιστερῶν καὶ οἴσει αὐτὰ πρὸς τὸν ἱερέα ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου
- 30 Prèt la va ofri yonn ladan yo pou wete peche li yo, l'a ofri lòt la pou boule nèt pou Bondye. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon pou fanm lan, paske règ la te mete l' nan kondisyon li pa t' ka fè sèvis Bondye.
To be offered by the priest, one for a sin-offering and one for a burned offering; and the priest will take away her sin before the Lord on account of her unclean condition.
καὶ ποιήσει ὁ ἱερεὺς τὴν μίαν περι ἁμαρτίας καὶ τὴν μίαν εἰς ὀλοκαύτωμα καὶ ἐξιάσεται περι αὐτῆς ὁ ἱερεὺς ἔναντι κυρίου ἀπὸ ρύσεως ἀκαθαρσίας αὐτῆς
- 31 Seyè a di Moyiz ankò: -Pale moun Izrayèl yo byen. Lè yo pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, piga yo pwoche bò Tant Randevou a ki nan mitan kan kote yo rete a. Si yo fè sa y'a mouri.
In this way may the children of Israel be made free from all sorts of unclean conditions, so that death may not overtake them when they are unclean and when they make unclean my holy place which is among them.
καὶ εὐλαβεῖς ποιήσετε τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ ἀπὸ τῶν ἀκαθαρσιῶν αὐτῶν καὶ οὐκ ἀποθανοῦνται διὰ τὴν ἀκαθαρσίαν αὐτῶν ἐν τῷ μιαίνειν αὐτοὺς τὴν σκηνὴν μου τὴν ἐν αὐτοῖς
- 32 Men regleman pou yo swiv lè yon nonm pa ka fè sèvis Bondye paske li gen ekoulman osinon paske li voye sou li,
This is the law for the man who has a flow from his body, or whose seed goes from him so that he is unclean;
οὗτος ὁ νόμος τοῦ γονορροῦς καὶ ἐάν τι ἐξέλθῃ ἐξ αὐτοῦ κοίτη σπέρματος ὥστε μιανθῆναι ἐν αὐτῇ
- 33 lè yon fanm gen règ li, osinon lè yon nonm kouche ak yon fanm ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, wi pou tout moun, fanm kou gason, ki gen ekoulman.
And for her who has a flow of blood, and for any man or woman who has an unclean flow, and for him who has sex relations with a woman when she is unclean.
καὶ τῇ αἰμορροοῦσῃ ἐν τῇ ἀφῆδρῳ αὐτῆς καὶ ὁ γονορροῦς ἐν τῇ ῥύσει αὐτοῦ τῷ ἄρσενι ἢ τῇ θηλείᾳ καὶ τῷ ἀνδρὶ ὃς ἂν κοιμηθῆ μετὰ ἀποκαθιμένης
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz apre lanmò de pitit gason Arawon yo ki te mouri lè yo te ofri yon dife ki pa t' bon bay Seyè a.
And the Lord said to Moses, after the death of the two sons of Aaron when they took in strange fire before the Lord and death overtook them;
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν μετὰ τὸ τελευτῆσαι τοὺς δύο υἱοὺς ααρων ἐν τῷ προσάγειν αὐτοὺς πῦρ ἀλλότριον ἔναντι κυρίου καὶ ἐτελεύτησαν
- 2 Seyè a di Moyiz konsa: -Pale ak Arawon, frè ou la, pou l' pa antre nenpòt kilè, nenpòt ki jan deyè rido a nan kote ki apa pou mwen an, devan kouvèti espesyal ki sou Bwat Kontra a. Paske se la, sou kouvèti ki sou bwat kontra a, mwen parèt nan yon nwaj. Si li pa swiv lòd sa a, li ka mouri.
The Lord said to Moses, Say to Aaron, your brother, that he may not come at all times into the holy place inside the veil, before the cover which is on the ark, for fear that death may overtake him; for I will be seen in the cloud on the cover of the ark.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λάλησον πρὸς ααρων τὸν ἀδελφόν σου καὶ μὴ εἰσπορευέσθω πᾶσαν ὥραν εἰς τὸ ἅγιον ἐσώτερον τοῦ καταπέτασματος εἰς πρόσωπον τοῦ ἱλαστηρίου ὃ ἐστὶν ἐπὶ τῆς κιβωτοῦ τοῦ μαρτυρίου καὶ οὐκ ἀποθανεῖται ἐν γὰρ νεφέλῃ ὀφθήσομαι ἐπὶ τοῦ ἱλαστηρίου
- 3 Lè l'ap antre nan kote ki apa nèt pou Bondye a, li gen pou l' pote yon jenn ti towo ak yon belye. Ti towo a va sèvi pou mande Bondye padon, epi y'a boule belye a nèt pou Seyè a.
Let Aaron come into the holy place in this way: with an ox for a sin-offering and a male sheep for a burned offering.
οὕτως εἰσελεύσεται ααρων εἰς τὸ ἅγιον ἐν μόσχῳ ἐκ βοῶν περι ἁμαρτίας καὶ κριὸν εἰς ὀλοκαύτωμα
- 4 Men ki jan pou Arawon abiye lè l'ap antre nan kay Bondye a. L'a mete rad seremoni pou prèt yo mete lè y'ap fè sèvis pou Bondye. L'a mete chemiz twal fen blan an ak kalson twal fen blan an, l'a mare sentiwon twal fen blan an nan ren l' ak mouchwa tèt twal fen blan an nan tèt li. L'a lave kò l' nan gwo dlo anvan la mete yo sou li.
Let him put on the holy linen coat, and the linen trousers on his body, and the linen band round him, and the linen head-dress on his head; for this is holy clothing, and before he puts them on his body is to be washed with water.
καὶ χιτῶνα λινοῦν ἡγιασμένον ἐνδύσεται καὶ περισκελῆς λινοῦν ἔσται ἐπὶ τοῦ χρωτὸς αὐτοῦ καὶ ζώνη λινῆ ζώσεται καὶ κίθαριν λινῆν περιθήσεται ἱμάτια ἁγία ἐστὶν καὶ λούσεται ὕδατι πᾶν τὸ σῶμα αὐτοῦ καὶ ἐνδύσεται αὐτά
- 5 ¶ Moun pèp Izrayèl yo va bay Arawon de bouk kabrit ak yon belye. Bouk kabrit yo va sèvi ofrann pou mande Bondye fè gras. Belye a menm, y'a boule l' nèt pou Seyè a.
And let him take from the children of Israel two he-goats for a sin-offering and one male sheep for a burned offering.
καὶ παρὰ τῆς συναγωγῆς τῶν υἱῶν ἰσραὴλ λήμψεται δύο χιμάρους ἐξ αἰγῶν περι ἁμαρτίας καὶ κριὸν ἓνα εἰς ὀλοκαύτωμα

- 6 Arawon va ofri ti towo bèf la pou yo touye l' pou wete peche l' yo ak peche fanmi l' yo. Se konsa l'a fè sèvis pou mande Bondye padon an pou li ak pou fanmi l'.
And Aaron is to give the ox of the sin-offering for himself, to make himself and his house free from sin.
καὶ προσάξει ααρων τὸν μόσχον τὸν περὶ τῆς ἁμαρτίας αὐτοῦ καὶ ἐξιλιάσεται περὶ αὐτοῦ καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ
- 7 Apre sa, l'a pran de bouk kabrit yo, l'a mennen yo devan pòt Tant Randevou a. L'a prezante yo devan lotèl Bondye a.
And he is to take the two goats and put them before the Lord at the door of the Tent of meeting.
καὶ λήμψεται τοὺς δύο χιμάρους καὶ στήσει αὐτοὺς ἔναντι κυρίου παρὰ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου
- 8 Apre sa, l'a tire osò ak de ti wòch, yonn make: Pou Seyè a, lòt la: Pou Azazèl.
And Aaron will make selection from the two goats by the decision of the Lord, one goat for the Lord and one for Azazel.
καὶ ἐπιθήσει ααρων ἐπὶ τοὺς δύο χιμάρους κλήρον ἓνα τῷ κυρίῳ καὶ κλήρον ἓνα τῷ ἀποπομπαίῳ
- 9 Arawon va touye bouk kabrit ki soti pou Seyè a, l'a ofri l' pou wete peche.
And the goat which is marked out for the Lord, let Aaron give for a sin-offering.
καὶ προσάξει ααρων τὸν χιμάρων ἐφ' ὃν ἐπήλθεν ἐπ' αὐτὸν ὁ κλήρος τῷ κυρίῳ καὶ προσοίσει περὶ ἁμαρτίας
- 10 Men, l'a pran bouk kabrit ki soti pou Azazèl la, y'a prezante l' tou vivan devan Seyè a. Apre sa, lè y'a fin fè sèvis sou li pou wete peche pou pèp la, y'a lage l' nan dezè a pou l al jwenn Azazèl.
But the goat for Azazel is to be placed living before the Lord, for the taking away of sin, that it may be sent away for Azazel into the waste land.
καὶ τὸν χιμάρων ἐφ' ὃν ἐπήλθεν ἐπ' αὐτὸν ὁ κλήρος τοῦ ἀποπομπαίου στήσει αὐτὸν ζῶντα ἔναντι κυρίου τοῦ ἐξιλιάσασθαι ἐπ' αὐτοῦ ὥστε ἀποστελεῖται αὐτὸν εἰς τὴν ἀποπομπὴν ἀφήσει αὐτὸν εἰς τὴν ἔρημον
- 11 Lèfini, Arawon va touye ti towo bèf li te ofri pou wete peche pa l' yo. L'a fè sèvis pou mande Bondye padon pou peche pa l' yo ansanm ak peche fanmi l' yo.
And Aaron is to give the ox of the sin-offering for himself and take away sin from himself and his house, and put to death the ox of the sin-offering which is for himself.
καὶ προσάξει ααρων τὸν μόσχον τὸν περὶ τῆς ἁμαρτίας τὸν αὐτοῦ καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ μόνον καὶ ἐξιλιάσεται περὶ αὐτοῦ καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ σφάζει τὸν μόσχον τὸν περὶ τῆς ἁμαρτίας τὸν αὐτοῦ
- 12 Apre sa, l'a pran yon recho, l'a plen l' chabon dife tou limen la jwenn sou lotèl la, l'a pran de ponyen lansan santi bon an poud. L'a pote recho a ak lansan an antre nan kote ki apa nèt pou Seyè a.
And he is to take a vessel full of burning coal from the altar before the Lord and in his hand some sweet perfume crushed small, and take it inside the veil;
καὶ λήμψεται τὸ πυρεῖον πλήρες ἀνθράκων πυρὸς ἀπὸ τοῦ θυσιαστηρίου τοῦ ἀπέναντι κυρίου καὶ πλήσει τὰς χεῖρας θυμιάματος συνθέσεως λεπτῆς καὶ εἰσοίσει ἐσώτερον τοῦ καταπετάσματος
- 13 Rive la, devan lotèl Seyè a, l'a mete lansan an sou dife a, lafimen lansan an va kouvri kouvèti Bwat Kontra a nèt. Konsa, li p'ap ka wè l', li p'ap mourì.
And let him put the perfume on the fire before the Lord so that the ark may be covered with a cloud of the smoke of the perfume, in order that death may not overtake him.
καὶ ἐπιθήσει τὸ θυμίαμα ἐπὶ τὸ πῦρ ἔναντι κυρίου καὶ καλύψει ἡ ἀτμὶς τοῦ θυμιάματος τὸ ἱλαστήριον τὸ ἐπὶ τῶν μαρτυρίων καὶ οὐκ ἀποθανεῖται
- 14 L'a tranpe dwèt li nan san ti towo bèf la, l'a voye san an sou bò devan kouvèti Bwat Kontra a, sou bò solèy leve. Apre sa, l'a voye san an sèt fwa devan kouvèti a avèk dwèt li.
And let him take some of the blood of the ox, shaking drops of it from his finger on the cover of the ark on the east side, and before it, seven times.
καὶ λήμψεται ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ μόσχου καὶ ῥανεῖ τῷ δακτύλῳ ἐπὶ τὸ ἱλαστήριον κατὰ ἀνατολὰς κατὰ πρόσωπον τοῦ ἱλαστηρίου ῥανεῖ ἐπτὰκις ἀπὸ τοῦ αἵματος τῷ δακτύλῳ
- 15 ¶ Se lè sa a l'a touye kabrit pou wete peche pèp la. L'a pran san an, l'a pote l' anndan kote ki apa nèt pou Seyè a, l'a voye l' sou kouvèti a ak devan kouvèti a, menm jan li te fè pou san ti towo bèf la.
Then let him put to death the goat of the sin-offering for the people, and take its blood inside the veil and do with it as he did with the blood of the ox, shaking drops of it on and before the cover of the ark.
καὶ σφάζει τὸν χιμάρων τὸν περὶ τῆς ἁμαρτίας τὸν περὶ τοῦ λαοῦ ἔναντι κυρίου καὶ εἰσοίσει ἀπὸ τοῦ αἵματος αὐτοῦ ἐσώτερον τοῦ καταπετάσματος καὶ ποιήσει τὸ αἶμα αὐτοῦ ὃν τρόπον ἐποίησεν τὸ αἷμα τοῦ μόσχου καὶ ῥανεῖ τὸ αἶμα αὐτοῦ ἐπὶ τὸ ἱλαστήριον κατὰ πρόσωπον τοῦ ἱλαστηρίου
- 16 Se konsa, poutèt tout peche ak tout mechanste pèp la fè yo, epi poutèt moun nan pèp la ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, Arawon va fè sèvis pou mande Bondye fè gras pou kote ki apa nèt pou li a. L'a fè sa tou pou Tant Randevou a, paske tant lan kanpe nan mitan pèp la ak tout moun nan pèp la ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
And let him make the holy place free from whatever is unclean among the children of Israel and from their wrongdoing in all their sins; and let him do the same for the Tent of meeting, which has its place among an unclean people.
καὶ ἐξιλιάσεται τὸ ἅγιον ἀπὸ τῶν ἀκαθαρσιῶν τῶν υἱῶν ἰσραὴλ καὶ ἀπὸ τῶν ἀδικημάτων αὐτῶν περὶ πασῶν τῶν ἁμαρτιῶν αὐτῶν καὶ οὕτω ποιήσει τῇ σκηνῇ τοῦ μαρτυρίου τῇ ἐκτισμένῃ ἐν αὐτοῖς ἐν μέσῳ τῆς ἀκαθαρσίας αὐτῶν
- 17 Depi Arawon antre nan kote ki apa nèt pou Seyè a pou l' fè sèvis pou mande padon an jouk lè li soti, lòt moun pa gen dwa anndan tant Randevou a. L'a fè sèvis la pou li menm, pou fanmi l' ak pou tout moun pèp Izrayèl yo.
And no man may be in the Tent of meeting from the time when Aaron goes in to take away sin in the holy place till he comes out, having made himself and his house and all the people of Israel free from sin.
καὶ πᾶς ἄνθρωπος οὐκ ἔσται ἐν τῇ σκηνῇ τοῦ μαρτυρίου εἰσπορευομένου αὐτοῦ ἐξιλιάσασθαι ἐν τῷ ἁγίῳ ἕως ἂν ἐξέλθῃ καὶ ἐξιλιάσεται περὶ αὐτοῦ καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ περὶ πάσης συναγωγῆς υἱῶν ἰσραὴλ

- 18 Lèfini, l'a soti, l'a ale bò kote lotèl pou boule ofrann lan, l'a fè sèvis pou wete peche pou li tou. Epi, l'a pran nan san ti towò bèf la ak nan san bouk kabrit la, l'a mete sou kat kòn ki sou kat kwen lotèl la.
 And he is to go out to the altar which is before the Lord and make it free from sin; and he is to take some of the blood of the ox and the blood of the goat and put it on the horns of the altar and round it;
 και ἐξελεύσεται ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον τὸ ὄν ἀπέναντι κυρίου και ἐξιλάσεται ἐπ' αὐτοῦ και λήμψεται ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ μόσχου και ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ χιμάρου και ἐπιθήσει ἐπὶ τὰ κέρατα τοῦ θουσι αστηρίου κύκλῳ
- 19 Lèfini, avèk dwèt li, l'a voye san an sèt fwa sou lotèl la. Se konsa, poutèt li, moun nan pèp Izrayèl la ki pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye, l'a fè sèvis pou mete lotèl la nan kondisyon pou fè sèvis Bondye, l'a mete l' apa pou Bondye.
 Shaking drops of the blood from his finger on it seven times to make it holy and clean from whatever is unclean among the children of Israel.
 και ῥανεῖ ἐπ' αὐτοῦ ἀπὸ τοῦ αἵματος τῷ δακτύλῳ ἐπτάκις και καθαριεῖ αὐτὸ και ἀγιάσει αὐτὸ ἀπὸ τῶν ἀκαθαρσιῶν τῶν υἱῶν ἰσραηλ
- 20 ¶ Lè Arawon va fin fè sèvis pou wete peche pou kote ki apa nèt pou Bondye a, pou Tant Randevou a ak pou lotèl la, l'a fè yo pwoche bouk kabrit vivan yo te chwazi pou Azazèl la devan Seyè a.
 And when he has done whatever is necessary to make the holy place and the Tent of meeting and the altar free from sin, let him put the living goat before the Lord;
 και συντελέσει ἐξιλασκόμενος τὸ ἅγιον και τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου και τὸ θυσιαστήριον και περὶ τῶν ἱερέων καθαριεῖ και προσάξει τὸν χιμάρων τὸν ζῶντα
- 21 L'a mete tou de men l' yo sou tèt kabrit la, l'a rekonèt sou li tout peche, tout mechanste ak tout movezak pèp Izrayèl la te fè. Se konsa l'a mete tout peche sa yo sou tèt kabrit la. Lèfini, l'a fè moun ki chwazi pou sa a mennen kabrit la al lage l' nan dezè a.
 And Aaron, placing his two hands on the head of the living goat, will make a public statement over him of all the evil doings of the children of Israel and all their wrongdoing, in all their sins; and he will put them on the head of the goat and send him away, in the care of a man who will be waiting there, into the waste land.
 και ἐπιθήσει ααρων τὰς χεῖρας αὐτοῦ ἐπὶ τὴν κεφαλὴν τοῦ χιμάρου τοῦ ζῶντος και ἐξαγορεύσει ἐπ' αὐτοῦ πάσας τὰς ἀνομίας τῶν υἱῶν ἰσραηλ και πάσας τὰς ἀδικίας αὐτῶν και πάσας τὰς ἀμαρτίας αὐτῶν και ἐπιθήσει αὐτὰς ἐπὶ τὴν κεφαλὴν τοῦ χιμάρου τοῦ ζῶντος και ἐξαποστελεῖ ἐν χειρὶ ἀνθρώπου ἐτοίμου εἰς τὴν ἔρημον
- 22 Bouk la va pote tout peche yo ale sou li yon zòn kote pa gen moun rete la.
 And the goat will take all their sins into a land cut off from men, and he will send the goat away into the waste land.
 και λήμψεται ὁ χιμάρων ἐφ' ἑαυτῷ τὰς ἀδικίας αὐτῶν εἰς γῆν ἄβατον και ἐξαποστελεῖ τὸν χιμάρων εἰς τὴν ἔρημον
- 23 Apre sa, Arawon va antre ankò nan Tant Randevou a. L'a wete rad fen blan li te mete sou li pou li te ka antre nan kote ki apa nèt pou Seyè a, l'a kite yo la.
 Then let Aaron come into the Tent of meeting and take off the linen clothing which he put on when he went into the holy place, and put them down there;
 και εἰσελεύσεται ααρων εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου και ἐκδύσεται τὴν στολὴν τὴν λινῆν ἣν ἐνεδεδύκει εἰσπορευομένου αὐτοῦ εἰς τὸ ἅγιον και ἀποθήσει αὐτὴν ἐκεῖ
- 24 L'a pran yon bon beny nan kote yo mete apa pou sa a, l'a mete lòt rad sou li. Apre sa, l'a soti, l'a ofri bèt pou yo boule nèt yo pou peche pa l' yo ak pou tout peche pèp la. L'a fè sèvis pou mande Bondye padon.
 And after bathing his body in water in a holy place, he is to put on his clothing and come out and give his burned offering and the burned offering of the people, to take away his sin and the sin of the people.
 και λούσεται τὸ σῶμα αὐτοῦ ὕδατι ἐν τόπῳ ἁγίῳ και ἐνδύσεται τὴν στολὴν αὐτοῦ και ἐξελεύσεται εἰς τὸ ὄλοκάρπωμα αὐτοῦ και τὸ ὄλοκάρπωμα τοῦ λαοῦ και ἐξιλάσεται περὶ αὐτοῦ και περὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ και περὶ τοῦ λαοῦ ὡς περὶ τῶν ἱερέων
- 25 L'a pran grès bèt yo te ofri pou peche a, l'a boule yo sou lotèl la.
 And the fat of the sin-offering is to be burned by him on the altar.
 και τὸ στέαρ τὸ περὶ τῶν ἀμαρτιῶν ἀνοίσει ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον
- 26 Nonm ki te al lage bouk kabrit la pou Azazèl nan dezè a gen pou l' lave tout rad ki sou li, epi pou l' pran yon bon beny nan gwo dlo, anvan li tounen nan kan kote moun yo rete a.
 And the man who takes away the goat for Azazel is to have his clothing washed and his body bathed in water and then he may come back to the tent-circle.
 και ὁ ἐξαποστέλλων τὸν χιμάρων τὸν διεσταλμένον εἰς ἄφεςιν πλυνεῖ τὰ ἱμάτια και λούσεται τὸ σῶμα αὐτοῦ ὕδατι και μετὰ ταῦτα εἰσελεύσεται εἰς τὴν παρεμβολὴν
- 27 Y'a pran towò bèf ak kabrit yo te touye pou wete peche a, y'a pote yo ale andeyò limit kan kote moun yo rete a, epi y'a boule po vyann yo ansanm ak tout tripay yo nèt. Se san bèt sa yo yo te pote nan kote ki apa nèt pou Seyè a pou fè sèvis pou mande padon pou peche.
 And the ox of the sin-offering and the goat of the sin-offering, whose blood was taken in to make the holy place free from sin, are to be taken away outside the tent-circle and their skins and their flesh and their waste are to be burned with fire.
 και τὸν μόσχον τὸν περὶ τῆς ἀμαρτίας και τὸν χιμάρων τὸν περὶ τῆς ἀμαρτίας ὧν τὸ αἷμα εἰσηνέχθη ἐξιλάσασθαι ἐν τῷ ἁγίῳ ἐξοίσουσιν αὐτὰ ἔξω τῆς παρεμβολῆς και κατακαύσουσιν αὐτὰ ἐν πυρὶ και τὰ δέρματα αὐτῶν και τὰ κρέα αὐτῶν και τὴν κόπρον αὐτῶν
- 28 Moun ki te al boule yo a va gen pou l' lave rad li tou, pou l' benyen nèt nan gwo dlo anvan li tounen nan kan kote moun yo rete a.
 And the man by whom they are burned is to have his clothing washed and his body bathed in water, and then he may come back to the tent-circle.
 ὁ δὲ κατακαίων αὐτὰ πλυνεῖ τὰ ἱμάτια και λούσεται τὸ σῶμα αὐτοῦ ὕδατι και μετὰ ταῦτα εἰσελεύσεται εἰς τὴν παρεμβολὴν

- 29 ¶ Men regleman pou nou fè tout tan tout tan jouk sa kaba. Sou dizyèm jou nan setyèm mwa a, tout moun pèp Izrayèl yo ansanm ak tout moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo va fè jèn, yo p'ap fè ankenn travay jou sa a.
And let this be an order to you for ever: in the seventh month, on the tenth day, you are to keep yourselves from pleasure and do no sort of work, those who are Israelites by birth and those from other lands who are living among you:
καὶ ἔσται τοῦτο ὑμῖν νόμιμον αἰώνιον ἐν τῷ μηνὶ τῷ ἑβδόμῳ δεκάτῃ τοῦ μηνὸς ταπεινώσατε τὰς ψυχὰς ὑμῶν καὶ πᾶν ἔργον οὐ ποιήσετε ὁ αὐτόχθων καὶ ὁ προσήλυτος ὁ προσκεείμενος ἐν ὑμῖν
- 30 Paske, jou sa a y'a fè sèvis pou wete yo anba tout peche yo, pou yo ka parèt nan bon kondisyon devan Seyè a.
For on this day your sin will be taken away and you will be clean: you will be made free from all your sins before the Lord.
ἐν γὰρ τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ ἐξιλάσεται περὶ ὑμῶν καθαρῖσαι ὑμᾶς ἀπὸ πασῶν τῶν ἁμαρτιῶν ὑμῶν ἔναντι κυρίου καὶ καθαρῖσθήσεσθε
- 31 Jou sa a va yon jou espesyal pou nou fè jèn, yon jou pou nou pa travay menm. Se lòd mwen ban nou, se pou nou toujou fè sèvis sa a.
It is a special Sabbath for you, and you are to keep yourselves from pleasure; it is an order for ever.
σάββατα σαββάτων ἀνάπανσις αὕτη ἔσται ὑμῖν καὶ ταπεινώσετε τὰς ψυχὰς ὑμῶν νόμιμον αἰώνιον
- 32 Se va reskonsablite granprèt yo va mete apa pou fè sèvis Seyè a nan plas papa l' la pou li fè sèvis pou mande Bondye padon, l'a mete rad fen blan yo, rad pou prèt yo mete lè y'ap fè sèvis.
And the man on whose head the holy oil has been put, and who has been marked out to be a priest in his father's place, will do what is necessary to take away sin, and will put on the linen clothing, even the holy robes:
ἐξιλάσεται ὁ ἱερεὺς ὃν ἂν χρίσωσιν αὐτὸν καὶ ὃν ἂν τελειώσουσιν τὰς χεῖρας αὐτοῦ ἱερατεύειν μετὰ τὸν πατέρα αὐτοῦ καὶ ἐνδύσεται τὴν στολὴν τὴν λινῆν στολὴν ἁγίαν
- 33 L'a fè sèvis pou wete peche pou kote ki apa nèt pou Bondye a, pou Tant Randevou a ak pou lotèl la, l'a fè ofrann pou prèt yo ak pou tout pèp Izrayèl la.
And he will make the holy place and the Tent of meeting and the altar free from sin; he will take away sin from the priests and from all the people.
καὶ ἐξιλάσεται τὸ ἅγιον τοῦ ἁγίου καὶ τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου καὶ τὸ θυσιαστήριον ἐξιλάσεται καὶ περὶ τῶν ἱερέων καὶ περὶ πάσης συναγωγῆς ἐξιλάσεται
- 34 Men regleman pou nou swiv tout tan tout tan. Se yon sèvis pou yo fè yon fwa chak lanne pou mande padon pou peche pèp Izrayèl la. Yo te fè tout bagay jan Seyè a te bay Moyiz lòd fè a.
And let this be an order for ever for you, so that the sin of the children of Israel may be taken away once every year. And he did as the Lord gave orders to Moses.
καὶ ἔσται τοῦτο ὑμῖν νόμιμον αἰώνιον ἐξιλάσκεσθαι περὶ τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ ἀπὸ πασῶν τῶν ἁμαρτιῶν αὐτῶν ἅπαξ τοῦ ἐνιαυτοῦ ποιηθήσεται καθάπερ συνέταξεν κύριος τῷ Μωϋσῇ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς Μωϋσῆν λέγων
- 2 -Pale ak Arawon ak pitit gason l' yo epi ak tout moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo: Men bagay Seyè a bay lòd pou nou fè:
Say to Aaron and to his sons and to all the children of Israel: This is the order which the Lord has given.
λάλησον πρὸς Ααρων καὶ πρὸς τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ πρὸς πάντας υἱοὺς Ἰσραὴλ καὶ εἰρεῖς πρὸς αὐτούς τοῦτο τὸ ῥῆμα ὃ ἐνετείλατο κύριος λέγων
- 3 Si yonn nan moun Izrayèl yo touye yon towò bèf, yon mouton osinon yon kabrit nan kan kote yo rete a, ou ankò lòt bò limit kan an,
If any man of Israel puts to death an ox or a lamb or a goat, in or outside the tent-circle;
ἄνθρωπος ἄνθρωπος τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ ἢ τῶν προσηλύτων τῶν προσκειμένων ἐν ὑμῖν ὅς ἂν σφάξῃ μόσχον ἢ πρόβατον ἢ αἶγα ἐν τῇ παρεμβολῇ καὶ ὅς ἂν σφάξῃ ἔξω τῆς παρεμβολῆς
- 4 depi se pa devan pòt Tant Randevou a li touye l' pou l' ofri l' bay Seyè a la devan kay Seyè a, moun sa a koupab, li fè yon krim, li fè san koule. Se pou yo wete l' nèt nan mitan moun pèp Bondye a.
And has not taken it to the door of the Tent of meeting, to make an offering to the Lord, before the Lord's House, its blood will be on him, for he has taken life, and he will be cut off from among his people:
καὶ ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου μὴ ἐνέγκῃ ὥστε ποιῆσαι αὐτὸ εἰς ὄλοκαύτωμα ἢ σωτήριον κυρίῳ δεκτὸν εἰς ὁσμὴν εὐωδίας καὶ ὅς ἂν σφάξῃ ἔξω καὶ ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου μὴ ἐνέγκῃ αὐτὸ ὥστε μὴ προσενέγκαι δῶρον κυρίῳ ἀπέναντι τῆς σκηνῆς κυρίου καὶ λογισθήσεται τῷ ἀνθρώπῳ ἐκεῖνο αἷμα αἷμα ἐξέχεεν ἐξολεθρευθήσεται ἡ ψυχὴ ἐκεῖνη ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῆς
- 5 Sa vle di: Depi koulye a moun pèp Izrayèl yo gen pou mennen devan Seyè a tout bèt yo te konn touye nan jaden. Se pou yo mennen yo bay prèt la devan pòt Tant Randevou a. Se la y'a touye yo, menm jan yo touye bèt y'ap ofri pou di Bondye mèsi.
So that the children of Israel may take to the Lord, to the door of the Tent of meeting and to the priest, the offerings which they have put to death in the open country, and that they may make their peace-offerings to the Lord.
ὅπως ἀναφέρωσιν οἱ υἱοὶ Ἰσραὴλ τὰς θυσίας αὐτῶν ὅσας ἂν αὐτοὶ σφάξουσιν ἐν τοῖς πεδίοις καὶ οἴσουσιν τῷ κυρίῳ ἐπὶ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου πρὸς τὸν ἱερέα καὶ θύσουσιν θυσίαν σωτηρίου τῷ κυρίῳ αὐτά
- 6 Prèt la va pran san an, l'a vide l' sou lotèl la, devan pòt Tant Randevou a. L'a boule grès la pou l' fè yon bon sant ki va fè Seyè a plezi.
And the priest will put blood on the altar of the Lord at the door of the Tent of meeting, burning the fat for a sweet smell to the Lord.
καὶ προσχεεῖ ὁ ἱερεὺς τὸ αἷμα ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον κύκλῳ ἀπέναντι κυρίου παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἀνοίσει τὸ στέαρ εἰς ὁσμὴν εὐωδίας κυρίῳ

- 7 Se pou moun pèp Izrayèl yo sispann ofri bèt pou yo touye bay zidòl nan jaden tankou yo te konn fè lè yo te vire do bay Bondye a. Se pou pèp la toujou kenbe lòd sa a de pitit an pitit.
And let them make no more offerings to evil spirits, after which they have gone, turning away from the Lord. Let this be a law to them for ever, through all their generations.
 και οὐ θύσουσιν ἐτι τὰς θυσίας αὐτῶν τοῖς ματαίοις οἷς αὐτοὶ ἐκπορνέουσιν ὀπίσω αὐτῶν νόμιμον αἰώνιον ἔσται ὑμῖν εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν
- 8 Epi w'a di yo ankò: Ankenn moun nan pèp Izrayèl la, ni moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo pa gen dwa touye bèt yo ofri ni pou yo boule nèt ni pou lòt kalite sèvis
And say to them, If any man of Israel, or any other living among them, makes a burned offering or other offering,
 και ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἄνθρωπος ἄνθρωπος τῶν υἰῶν ἰσραηλ και ἀπὸ τῶν υἰῶν τῶν προσηλύτων τῶν προσκειμένων ἐν ὑμῖν ὅς ἂν ποιήσῃ ὀλοκαύτωμα ἢ θυσίαν
- 9 ankenn lòt kote, si se pa devan pòt Tant Randevou a pou li ofri l' bay Seyè a. Si se pa sa, y'a wete l' nèt nan mitan moun pèp Bondye a.
And does not take it to the door of the Tent of meeting to make an offering to the Lord, that man will be cut off from among his people.
 και ἐπὶ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου μὴ ἐνέγκῃ ποιῆσαι αὐτὸ τῷ κυρίῳ ἐξολεθρευθήσεται ὁ ἄνθρωπος ἐκεῖνος ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ
- 10 ¶ Pesonn ni nan pèp Izrayèl la, ni pami moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo pa gen dwa manje vyann ak tout san li ladan l'. Si li fè l', mwen menm Seyè a, mwen p'ap okipe l' ankò, m'ap wete l' nan mitan pèp mwen an.
And if any man of Israel, or any other living among them, takes any sort of blood for food, my wrath will be turned against that man and he will be cut off from among his people.
 και ἄνθρωπος ἄνθρωπος τῶν υἰῶν ἰσραηλ ἢ τῶν προσηλύτων τῶν προσκειμένων ἐν ὑμῖν ὅς ἂν φάγῃ πᾶν αἷμα και ἐπιστήσῃ τὸ πρόσωπόν μου ἐπὶ τὴν ψυχὴν τὴν ἔσθουσιν τὸ αἷμα και ἀπολώ αὐτὴν ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῆς
- 11 Nanm tout bèt vivan se nan san an li ye. Se poutèt sa, mwen menm Seyè a, mwen mande pou yo vide tout san an sou lotèl la pou li ka wete peche pèp la. Nou bay san an pou nanm nou.
For the life of the flesh is in its blood; and I have given it to you on the altar to take away your sin: for it is the blood which makes free from sin because of the life in it.
 ἢ γὰρ ψυχὴ πάσης σαρκὸς αἷμα αὐτοῦ ἐστὶν και ἐγὼ δέδωκα αὐτὸ ὑμῖν ἐπὶ τοῦ θυσιαστηρίου ἐξιλάσκεσθαι περὶ τῶν ψυχῶν ὑμῶν τὸ γὰρ αἷμα αὐτοῦ ἀντὶ τῆς ψυχῆς ἐξιλάσεται
- 12 Se poutèt sa Seyè a te di moun pèp Izrayèl yo: Pesonn nan pèp Izrayèl la, ni ankenn moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou pa gen dwa manje vyann ki gen san ladan l'.
For this reason I have said to the children of Israel, No man among you, or any others living with you, may take blood as food.
 διὰ τοῦτο εἶρηκα τοῖς υἰοῖς ἰσραηλ πᾶσα ψυχὴ ἐξ ὑμῶν οὐ φάγεται αἷμα και ὁ προσήλυτος ὁ προσκειμενος ἐν ὑμῖν οὐ φάγεται αἷμα
- 13 Lè yon moun nan pèp Izrayèl la osinon yon moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo al lachas, si li pran yon bèt osinon yon zwazo yo gen dwa manje, l'a vide tout san bèt la atè epi la kouvri l' ak tè.
And any man of Israel, or any other living among them, who gets with his bow any beast or bird used for food, is to see that its blood is covered with earth.
 και ἄνθρωπος ἄνθρωπος τῶν υἰῶν ἰσραηλ και τῶν προσηλύτων τῶν προσκειμένων ἐν ὑμῖν ὅς ἂν θηρεύῃ θήρευμα θηρίων ἢ πετεινόν ὃ ἔσθεται και ἐκχεεῖ τὸ αἷμα και καλύψει αὐτὸ τῆ γῆ
- 14 Paske nanm tout bèt vivan se nan san an li ye. Se poutèt sa mwen menm, Seyè a, mwen di moun pèp Izrayèl yo: Yo pa gen dwa manje vyann ankenn bèt ak tout san an ladan l'. Paske se nan san an nanm lan ye. Tout moun ki manje vyann ak san li ladan l', m'ap wete yo nan mitan pèp mwen an.
For the blood is the life of all flesh: and so I have said to the children of Israel, You may not take any sort of blood as food, and any man who does so will be cut of.
 ἢ γὰρ ψυχὴ πάσης σαρκὸς αἷμα αὐτοῦ ἐστὶν και εἶπα τοῖς υἰοῖς ἰσραηλ αἷμα πάσης σαρκὸς οὐ φάγεσθε ὅτι ἡ ψυχὴ πάσης σαρκὸς αἷμα αὐτοῦ ἐστὶν πᾶς ὃ ἔσθων αὐτὸ ἐξολεθρευθήσεται
- 15 Mwen pa bezwen konnen si se moun pèp Izrayèl la osinon moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou, depi yon moun manje vyann yon bèt mouri osinon vyann bèt yon lòt bèt nan bwa ta touye, l'a gen pou l' lave rad ki sou li, l'a benyen nan gwo dlo, epi li p'ap nan kondisyon pou fè sèvis Bondye jouk aswè. Se aprè sa l'a nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò.
And anyone who takes as food anything which has come to a natural end, or anything which has been put to death by beasts, if he is one of you by birth, or of another nation, will have to have his clothing washed and his body bathed in water and be unclean till evening, and then he will be clean.
 και πᾶσα ψυχὴ ἣτις φάγεται θνησιμαῖον ἢ θηριάλωτον ἐν τοῖς αὐτόχθοσιν ἢ ἐν τοῖς προσηλύτοις πλυνεῖ τὰ ἱμάτια αὐτοῦ και λούσεται ὕδατι και ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας και καθαρὸς ἔσται
- 16 Men, si li pa lave rad ki sou li yo, si li pa benyen nèt, l'a peye sa l' fè a.
But if his clothing is not washed and his body bathed, his sin will be on him.
 ἐὰν δὲ μὴ πλύνῃ τὰ ἱμάτια και τὸ σῶμα μὴ λούσῃται ὕδατι και λήμψεται ἀνόμημα αὐτοῦ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo: Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
Say to the children of Israel, I am the Lord your God.
 λάλησον τοῖς υἰοῖς ἰσραηλ και ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν

- 3 Piga nou janm fè menm jan ak moun peyi Lejip kote nou te ye a, ni tankou moun peyi Kanaran kote mwen pral mennen nou an. Piga nou swiv mès yo.
You may not do those things which were done in the land of Egypt where you were living; and you may not do those things which are done in the land of Canaan where I am taking you, or be guided in your behaviour by their rules.
κατὰ τὰ ἐπιτηδεύματα γῆς αἰγύπτου ἐν ἧ καταρκήσατε ἐπ' αὐτῆ οὐ ποιήσετε καὶ κατὰ τὰ ἐπιτηδεύματα γῆς χανααν εἰς ἣν ἐγὼ εἰσάγω ὑμᾶς ἐκεῖ οὐ ποιήσετε καὶ τοῖς νομίμοις αὐτῶν οὐ πορεύσεσθε
- 4 Se pou nou swiv lòd mwen ban nou. Se pou nou fè sa mwen di nou fè. Se pou nou mache dapre prensip mwen ban nou. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an.
But you are to be guided by my decisions and keep my rules, and be guided by them: I am the Lord your God.
τὰ κρίματά μου ποιήσετε καὶ τὰ προστάγματά μου φυλάξεσθε πορεύεσθαι ἐν αὐτοῖς ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 5 Se pou nou swiv regleman ak lòd mwen ban nou yo. Gremesi sa m' di nou fè a, tout moun ki koute m' va jwenn lavi. Se mwen menm ki Seyè a!
So keep my rules and my decisions, which, if a man does them, will be life to him: I am the Lord.
καὶ φυλάξεσθε πάντα τὰ προστάγματά μου καὶ πάντα τὰ κρίματά μου καὶ ποιήσετε αὐτὰ ἃ ποιήσας ἄνθρωπος ζήσεται ἐν αὐτοῖς ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 6 ¶ Apre sa, Seyè a bay regleman sa yo: -Piga pesonn kouche yon fanm ki fanmi pre l'. Se mwen menm ki Seyè a.
You may not have sex connection with anyone who is a near relation: I am the Lord.
ἄνθρωπος ἄνθρωπος πρὸς πάντα οἰκεία σαρκὸς αὐτοῦ οὐ προσελεύσεται ἀποκαλύψαι ἀσχημοσύνην ἐγὼ κύριος
- 7 Piga ou jete dezonè sou papa ou pou ou kouche madanm li, se manman ou li ye. Pa jete dezonè sou manman ou.
You may not have sex relations with your father or your mother: she is your mother, you may not take her.
ἀσχημοσύνην πατρὸς σου καὶ ἀσχημοσύνην μητρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις μήτηρ γάρ σου ἐστὶν καὶ οὐκ ἀποκαλύψεις τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς
- 8 Piga ou jete dezonè sou papa ou pou ou kouche yonn nan fanm kay papa ou yo.
And you may not have sex relations with your father's wife: she is your father's.
ἀσχημοσύνην γυναικὸς πατρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις ἀσχημοσύνη πατρὸς σου ἐστὶν
- 9 Piga ou kouche sè ou, li te mèt menm papa osinon menm manman avè ou, kit li te elve nan menm kay avè ou, kit li te elve lòt kote. Piga ou kouche l'.
You may not take your sister, the daughter of your father or of your mother, wherever her birth took place, among you or in another country.
ἀσχημοσύνην τῆς ἀδελφῆς σου ἐκ πατρὸς σου ἢ ἐκ μητρὸς σου ἐνδογενεὺς ἢ γεγεννημένης ἔξω οὐκ ἀποκαλύψεις ἀσχημοσύνην αὐτῆς
- 10 Piga ou kouche pitit fi pitit gason ou osinon pitit fi pitit fi ou. Se va sou pwòp tèt ou w'a jete dezonè.
You may not have sex relations with your son's daughter or your daughter's daughter, for they are part of yourself;
ἀσχημοσύνην θυγατρὸς υἱοῦ σου ἢ θυγατρὸς θυγατρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῶν ὅτι σὴ ἀσχημοσύνη ἐστίν
- 11 Piga ou kouche pitit fi madanm papa ou. Se pou ou konsidere l' tankou pwòp sè ou.
Or your father's wife's daughter, the child of your father, for she is your sister.
ἀσχημοσύνην θυγατρὸς γυναικὸς πατρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις ὁμοπατρία ἀδελφή σου ἐστὶν οὐκ ἀποκαλύψεις τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς
- 12 Piga ou kouche matant ou, kit se matant bò papa,
You may not have sex connection with your father's sister, for she is your father's near relation.
ἀσχημοσύνην ἀδελφῆς πατρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις οἰκεία γὰρ πατρὸς σου ἐστὶν
- 13 kit se bò manman.
You may not have sex connection with your mother's sister, for she is your mother's near relation.
ἀσχημοσύνην ἀδελφῆς μητρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις οἰκεία γὰρ μητρὸς σου ἐστὶν
- 14 Piga ou kouche madanm tonton ou bò papa. Se pou ou konsidere l' tankou matant ou.
You may not have sex relations with the wife of your father's brother, for she is of your family;
ἀσχημοσύνην ἀδελφοῦ τοῦ πατρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις καὶ πρὸς τὴν γυναῖκα αὐτοῦ οὐκ εἰσελεύσῃ συγγενῆς γάρ σου ἐστὶν
- 15 Piga ou kouche bèlfi ou: se madanm pitit gason ou li ye. Pa jete dezonè sou li.
Or with your daughter-in-law, for she is your son's wife, and you may not take her.
ἀσχημοσύνην νύμφης σου οὐκ ἀποκαλύψεις γυνὴ γὰρ υἱοῦ σου ἐστὶν οὐκ ἀποκαλύψεις τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς
- 16 Piga ou kouche madanm frè ou. Pa jete dezonè sou frè ou.
You may not have sex relations with your brother's wife, for she is your brother's.
ἀσχημοσύνην γυναικὸς ἀδελφοῦ σου οὐκ ἀποκαλύψεις ἀσχημοσύνη ἀδελφοῦ σου ἐστὶν

- 17 Piga ou kouche pitit fi osinon pitit pitit fi yon madanm ki te nan afè avè ou deja. Pa kouche yo. Se tankou si se te fanmi pre ou yo te ye. Si ou fè sa, se va yon wont!
 You may not take as wife a woman and her daughter, or her son's daughter or her daughter's daughter, for they are of one family: it is an act of shame.
 ἀσχημοσύνην γυναικὸς καὶ θυγατρὸς αὐτῆς οὐκ ἀποκαλύψεις τὴν θυγατέρα τοῦ υἱοῦ αὐτῆς καὶ τὴν θυγατέρα τῆς θυγατρὸς αὐτῆς οὐ λήμψη ἀποκαλύψαι τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῶν οἰκεῖται γὰρ σοῦ εἶσι ν ἄσεβημά ἐστιν
- 18 Piga ou pran yonn nan sè madanm ou pou yonn nan pwòp madanm ou yo toutotan madanm ou vivan. Sa ka mete yon jalouzi nan mitan yo.
 And you may not take as wife a woman and at the same time her sister, to be in competition with her in her life-time.
 γυναῖκα ἐπὶ ἀδελφῆ αὐτῆς οὐ λήμψη ἀντίζηλον ἀποκαλύψαι τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς ἐπ' αὐτῇ ἐτι ζώσης αὐτῆς
- 19 ¶ Piga ou kouche yon fanm ki gen règ li, paske lè sa a li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
 And you may not go near a woman or have sex relations with her when she is unclean, at her regular time.
 καὶ πρὸς γυναῖκα ἐν χωρισμῷ ἀκαθαρσίας αὐτῆς οὐ προσελεύσῃ ἀποκαλύψαι τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς
- 20 Piga ou kouche madanm yon frè parèy ou, paske lè nou fè sa, ni ou ni fanm lan, nou pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
 And you may not have sex relations with your neighbour's wife, making yourself unclean with her.
 καὶ πρὸς τὴν γυναῖκα τοῦ πλησίον σου οὐ δώσεις κοίτην σπέρματός σου ἐκμιασθῆναι πρὸς αὐτὴν
- 21 Piga ou janm bay yonn nan pitit fi ou yo tankou ofrann pou yo boule bay zidòl yo rele Molòk la, paske lè sa a w'a fè yo derespekte non Bondye. Se mwen menm ki Seyè a.
 And you may not make any of your children go through the fire as an offering to Molech, and you may not put shame on the name of your God: I am the Lord.
 καὶ ἀπὸ τοῦ σπέρματός σου οὐ δώσεις λατρεύειν ἄρχοντι καὶ οὐ βεβηλώσεις τὸ ὄνομα τὸ ἅγιον ἐγὼ κύριος
- 22 Piga yon gason kouche yon lòt gason tankou yo kouche yon fanm: Se bagay Bondye pi pa vle wè.
 You may not have sex relations with men, as you do with women: it is a disgusting thing.
 καὶ μετὰ ἄρσενος οὐ κοιμηθήσῃ κοίτην γυναικὸς βδέλυγμα γὰρ ἐστίν
- 23 Ni fanm ni gason pa gen dwa kwaze ak zannimo. Se bagay k'ap mete yo nan kondisyon pou yo pa ka fè sèvis Bondye. Se bagay sal nèt.
 And you may not have sex relations with a beast, making yourself unclean with it; and a woman may not give herself to a beast: it is an unnatural act.
 καὶ πρὸς πᾶν τετράπουν οὐ δώσεις τὴν κοίτην σου εἰς σπερματισμὸν ἐκμιασθῆναι πρὸς αὐτό καὶ γυνὴ οὐ στησεται πρὸς πᾶν τετράπουν βιβασθῆναι μυσερὸν γὰρ ἐστίν
- 24 Piga nou janm fè bagay sa yo k'ap mete nou nan kondisyon pou nou pa ka fè sèvis Bondye. Se bagay konsa pèp lòt nasyon ki t'ap viv nan peyi a anvan nou yo te konn fè. Se poutèt sa Seyè a ap mete yo deyò pou nou ka pran plas yo.
 Do not make yourself unclean in any of these ways; for so have those nations whom I am driving out from before you made themselves unclean:
 μὴ μιαινεσθε ἐν πᾶσιν τούτοις ἐν πᾶσι γὰρ τούτοις ἐμιάνθησαν τὰ ἔθνη ἃ ἐγὼ ἐξαποπέλλω πρὸ προσώπου ὑμῶν
- 25 Yo te mete tout peyi a nan move kondisyon ak sa yo t'ap fè a. Se konsa mwen menm Seyè a, m'ap peni peyi a, m'ap fè l' voye moun ki rete sou li yo jete deyò.
 And the land itself has become unclean; so that I have sent on it the reward of its wrongdoing, and the land itself puts out those who are living in it.
 καὶ ἐμιάνθη ἡ γῆ καὶ ἀνταπέδωκα ἀδικίαν αὐτοῖς δι' αὐτὴν καὶ προσώχθισεν ἡ γῆ τοῖς ἐγκαθημένοις ἐπ' αὐτῆς
- 26 Men nou menm, se pou nou kenbe tout lòd ak tout kòmandman mwen ban nou yo. Piga pesonn ni nan nou, ni nan moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo fè ankenn nan bagay mwen pa vle wè yo.
 So then keep my rules and my decisions, and do not do any of these disgusting things, those of you who are Israelites by birth, or any others who are living with you:
 καὶ φυλάξεσθε πάντα τὰ νόμιά μου καὶ πάντα τὰ προστάγματα μου καὶ οὐ ποιήσετε ἀπὸ πάντων τῶν βδελυγμάτων τούτων ὁ ἐγγώριος καὶ ὁ προσγενόμενος προσήλυτος ἐν ὑμῖν
- 27 Se paske moun ki te rete nan peyi a anvan nou yo te fè tout kalite bagay sa yo, kifè yo te mete peyi a nan move kondisyon sa a.
 (For all these disgusting things were done by the men of this country who were there before you, and the land has been made unclean by them;)
 πάντα γὰρ τὰ βδελύγματα ταῦτα ἐποίησαν οἱ ἄνθρωποι τῆς γῆς οἱ ὄντες πρότεροι ὑμῶν καὶ ἐμιάνθη ἡ γῆ
- 28 Konsa tou, si nou mete peyi a nan move kondisyon, peyi a pral voye nou jete deyò menm jan li te fè l' pou pèp ki te la anvan nou yo.
 So that the land may not put you out from it, when you make it unclean, as it put out the nations which were there before you.
 καὶ ἵνα μὴ προσοχθίσῃ ὑμῖν ἡ γῆ ἐν τῷ μιαινεῖν ὑμᾶς αὐτὴν ὄν τρόπον προσώχθισεν τοῖς ἔθνεσιν τοῖς πρὸ ὑμῶν
- 29 Depi yon moun fè yonn nan bagay sal sa yo, y'ap wete l' nan mitan pèp Bondye a.
 For all those who do any of these disgusting things will be cut off from among their people.
 ὅτι πᾶς ὃς ἂν ποιῆσῃ ἀπὸ πάντων τῶν βδελυγμάτων τούτων ἐξολεθρευθήσονται αἱ ψυχαὶ αἱ ποιούσαι ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῶν

- 30 Epi Seyè a di: -Se pou nou kenbe lòd mwen yo. Pa swiv move mès moun ki te rete nan peyi a anvan nou yo. Pa fè vye bagay sa yo k'ap mete nou nan kondisyon pou nou pa ka fè sèvis Bondye. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
So then, keep my orders, so that you may not do any of these disgusting things which were done before you, or make yourselves unclean through them: I am the Lord your God.
καὶ φυλάξετε τὰ προστάγματά μου ὅπως μὴ ποιήσητε ἀπὸ πάντων τῶν νομίμων τῶν ἐβδελυγμένων ἃ ἐγένονεν πρὸ τοῦ ὑμᾶς καὶ οὐ μianθήσεσθε ἐν αὐτοῖς ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Pale ak tout moun ki fè pati pèp Izrayèl la. W'a di yo: Se pou nou viv apa pou mwen paske mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye apa.
Say to all the people of Israel, You are to be holy, for I, the Lord your God, am holy.
λάλησον τῇ συναγωγῇ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ καὶ εἰεὶς πρὸς αὐτούς ἄγιοι ἔσεσθε ὅτι ἐγὼ ἅγιος κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 3 Se pou nou tout respekte manman ak papa nou. Se pou nou respekte regleman jou repo mwen yo. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
Let every man give honour to his mother and to his father and keep my Sabbaths: I am the Lord your God.
ἕκαστος πατέρα αὐτοῦ καὶ μητέρα αὐτοῦ φοβείσθω καὶ τὰ σάββατά μου φυλάξεσθε ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 4 Pa janm vire do ban mwen pou n' al sèvi zidòl. Piga nou janm fonn metal pou fè estati ki pou sèvi nou bondye. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
Do not go after false gods, and do not make metal images of gods for yourselves: I am the Lord your God.
οὐκ ἐπακολουθήσετε εἰδώλοις καὶ θεοῦς χωνευτοῦς οὐ ποιήσετε ὑμῖν ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 5 Lè n'ap touye bèt pou fè ofrann pou di Seyè a mès, se pou nou fè l' jan mwen mande l' la pou m' ka asepte l' nan men nou.
And when you give a peace offering to the Lord, do it in the way which is pleasing to the Lord.
καὶ ἐὰν θύσητε θυσίαν σωτηρίου τῷ κυρίῳ δεκτὴν ὑμῶν θύσετε
- 6 Se pou nou manje vyann bèt yo ofri ban mwen an menm jou a, osinon nan denmen. Men, sou twazyèm jou a, tout sa ki rete nan vyann lan, se pou nou boule l'.
Let it be used for food on the same day on which it is offered, or on the day after; and whatever is over on the third day is to be burned with fire.
ἢ ἂν ἡμέρᾳ θύσητε βρωθήσεται καὶ τῇ αὔριον καὶ ἐὰν καταλειφθῆ ἕως ἡμέρας τρίτης ἐν πυρὶ κατακαυθήσεται
- 7 Paske si nou manje l' sou twazyèm jou a, se yon manje gate li ye! Seyè a p'ap asepte l' nan men nou.
If any of it is used for food on the third day, it is a disgusting thing and will not be pleasing to the Lord.
ἐὰν δὲ βρώσει βρωθῆ τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ ἄθυτόν ἐστιν οὐ δεχθήσεται
- 8 Se poutèt sa, tout moun ki va manje yon vyann konsa va gen pou peye pou sa l' fè a, paske li pa respekte bagay yo te mete apa pou mwen. Moun konsa se pou nou wete yo nan mitan pèp mwen an.
And as for anyone who takes it for food, his sin will be on him, for he has put shame on the holy thing of the Lord: he will be cut off from his people.
ὁ δὲ ἔσθων αὐτὸ ἁμαρτίαν λήμψεται ὅτι τὰ ἅγια κυρίου ἐβεβήλωσεν καὶ ἐξολεθρευθήσονται αἱ ψυχαὶ αἱ ἔσθουσαι ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῶν
- 9 Lè n'ap ranmase rekòt nan jaden nou, se pa pou nou ranmase sa ki toupre lizyè jaden an, ni nou pa bezwen tounen dèyè pou nou ranmase ti grenn ki te tonbe atè.
And when you get in the grain from your land, do not let all the grain be cut from the edges of the field, or take up what has been dropped on the earth after the getting in of the grain.
καὶ ἐκθεριζόντων ὑμῶν τὸν θερισμὸν τῆς γῆς ὑμῶν οὐ συντελέσετε τὸν θερισμὸν ὑμῶν τοῦ ἀγροῦ ἐκθερίσαι καὶ τὰ ἀποπίπτοντα τοῦ θερισμοῦ σου οὐ συλλέξεις
- 10 Nou pa bezwen tounen nan jaden rezen an pou nou ranmase dènye ti grap rezen yo te bliye, osinon pou nou ranmase ti grenn rezen ki te tonbe atè. N'a kite sa pou moun peyi a ki pa gen anyen, ak pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
And do not take all the grapes from your vine-garden, or the fruit dropped on the earth; let the poor man, and the man from another country, have these: I am the Lord your God.
καὶ τὸν ἀμπελωνά σου οὐκ ἐπανατρυνήσεις οὐδὲ τοὺς ῥώγας τοῦ ἀμπελωνός σου συλλέξεις τῷ πτωχῷ καὶ τῷ προσηλύτῳ καταλείψεις αὐτὰ ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 11 ¶ Piga nou pran sa ki pa pou nou. Piga nou yonn twonpe lòt. Piga nou bay frè parèy nou manti.
Do not take anyone's property or be false in act or word to another.
οὐ κλέψετε οὐ ψεύσεσθε οὐ συκοφαντήσῃ ἕκαστος τὸν πλησίον
- 12 Piga nou pran non m' pou fè sèman pou twonpe moun. Si nou fè sa, se derespekte n'ap derespekte non Bondye nou an. Se mwen menm ki Seyè a!
And do not take an oath in my name falsely, putting shame on the name of your God: I am the Lord.
καὶ οὐκ ὀμείσθε τῷ ὀνόματί μου ἐπ' ἀδίκῳ καὶ οὐ βεβηλώσετε τὸ ὄνομα τοῦ θεοῦ ὑμῶν ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν

- 13 Piga nou pwofite sou moun menm ras ak nou. Lè lè pou nou peye moun ki travay pou nou an rive, peye l' lajan l'. Piga nou voye l' pou denmen maten.
Do not be cruel to your neighbour or take what is his; do not keep back a servant's payment from him all night till the morning.
οὐκ ἀδικήσεις τὸν πλησίον καὶ οὐχ ἄρπάσεις καὶ οὐ μὴ κοιμηθήσεται ὁ μισθὸς τοῦ μισθωτοῦ παρὰ σοὶ ἕως πρωΐ
- 14 Piga ou madichonnen moun soud. Piga ou mete ankenn bagay sou chemen moun avèg pou fè yo tonbe. Se pou nou gen krentif pou mwen. Se mwen menm ki Seyè a!
Do not put a curse on those who have no hearing, or put a cause of falling in the way of the blind, but keep the fear of your God before you: I am the Lord.
οὐ κακῶς ἐρεῖς κωφὸν καὶ ἀπέναντι τυφλοῦ οὐ προσθήσεις σκάνδαλον καὶ φοβηθήσῃ κύριον τὸν θεόν σου ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 15 Piga nou fè lenjistis lè nou nan tribinal. Piga nou fè patipri pou pòn. Piga nou achte figi grannèg. N'a rann jistis pou tout frè parèy nou san fè paspouki.
Do no wrong in your judging; do not give thought to the position of the poor, or honour to the position of the great; but be a judge to your neighbour in righteousness.
οὐ ποιήσετε ἄδικον ἐν κρίσει οὐ λήμψη πρόσωπον πτωχοῦ οὐδὲ θαυμάσεις πρόσωπον δυνάστου ἐν δικαιοσύνῃ κρινεῖς τὸν πλησίον σου
- 16 Pa mache bay manti sou moun menm ras avèk nou. Piga nou kanpe pou fè yo touye san rezon yon moun menm ras avèk nou. Se mwen menm ki Seyè a!
Do not go about saying untrue things among your people, or take away the life of your neighbour by false witness: I am the Lord.
οὐ πορεύσῃ δόλω ἐν τῷ ἔθνῃ σου οὐκ ἐπισυστήσῃ ἐφ' αἷμα τοῦ πλησίον σου ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 17 Piga nou kenbe frè nou nan kè. Si yo gen kichòy avèk nou, regle sa la pou la. Konsa, yo p'ap lakòz nou tonbe nan peche.
Let there be no hate in your heart for your brother; but you may make a protest to your neighbour, so that he may be stopped from doing evil.
οὐ μισήσεις τὸν ἀδελφόν σου τῇ διανοίᾳ σου ἐλεγμῶ ἐλέγξεις τὸν πλησίον σου καὶ οὐ λήμψη δι' αὐτὸν ἁμαρτίαν
- 18 Piga nou tire revanj sou pesonn. Piga nou kenbe moun menm ras ak nou nan kè, men se pou nou renmen yo tankou nou renmen pwòp tèt pa nou. Se mwen menm ki Seyè a!
Do not make attempts to get equal with one who has done you wrong, or keep hard feelings against the children of your people, but have love for your neighbour as for yourself: I am the Lord.
καὶ οὐκ ἐκδικᾷται σου ἡ χεὶρ καὶ οὐ μνηεῖς τοῖς νείοις τοῦ λαοῦ σου καὶ ἀγαπήσεις τὸν πλησίον σου ὡς σεαυτὸν ἐγὼ εἰμι κύριος
- 19 ¶ Se pou nou kenbe lòd mwen ban nou yo. Piga nou kwaze de zannimo ki pa menm kalite. Piga nou plante de kalite plant anmenmtan nan jaden nou. Piga nou mete sou nou rad depaman.
Keep my laws. Do not let your cattle have offspring by those of a different sort; do not put mixed seed into your field; do not put on a robe made of two sorts of cloth.
τὸν νόμον μου φυλάξεσθε τὰ κτήνη σου οὐ κατοχεύσεις ἑτεροζύγω καὶ τὸν ἀμπελῶνά σου οὐ κατασπερεῖς διάφορον καὶ ἱμάτιον ἐκ δύο ὑφασμένων κίβδηλον οὐκ ἐπιβαλεῖς σεαυτῷ
- 20 Lè yon moun te gen tan pwomèt vann yon esklav fi bay yon nonm pou madanm, men lòt nonm lan poko peye pou esklav la, ni li menm li poko ba li libète l', si li kouche fi a, se pou yo peni yo san yo pa bezwen touye yo, paske fanm lan te esklav li toujou.
If any man has sex relations with a servant-woman who has given her word to be married to a man, and has not been made free for a price or in any other way, the thing will be looked into; but they will not be put to death because she was not a free woman.
καὶ ἐάν τις κοιμηθῇ μετὰ γυναῖκος κοίτην σπέρματος καὶ αὐτὴ οἰκέτις διαπεφυλαγμένη ἀνθρώπων καὶ αὐτὴ λύτρους οὐ λελύτρωται ἢ ἐλευθερία οὐκ ἐδόθη αὐτῇ ἐπισκοπῇ ἔσται αὐτοῖς οὐκ ἀποθανοῦνται ὅτι οὐκ ἀπλευθερώθη
- 21 Nonm lan va mennen yon belye mouton devan pòt Tant Randevou a, l'a ofri l' bay Seyè a pou peye pou sa l' fè a.
Let him take his offering for wrongdoing to the Lord, to the door of the Tent of meeting; let him give a male sheep as an offering for wrongdoing.
καὶ προσάξει τῆς πλημμελείας αὐτοῦ τῷ κυρίῳ παρὰ τὴν θύραν τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου κριὸν πλημμελείας
- 22 Prèt la va pran belye mouton an, l'a fè sèvis pou l' mande Bondye gras pou peche li te fè a epi Bondye va padonnen l' sa.
And the priest will take away his sin before the Lord with the sheep which is offered for his wrongdoing, and he will have forgiveness for the sin which he has done.
καὶ ἐξιλάσεται περὶ αὐτοῦ ὁ ἱερεὺς ἐν τῷ κριῷ τῆς πλημμελείας ἔναντι κυρίου περὶ τῆς ἁμαρτίας ἧς ἤμαρτεν καὶ ἀφεθήσεται αὐτῷ ἡ ἁμαρτία ἣν ἤμαρτεν
- 23 Le n'a antre nan peyi Kanaran an, apre n'a fin plante tout kalite pyebwa ki ka donnen, n'a konsidere rekòt twa premye lanne yo tankou bagay ki pa bon pou nou manje. Pandan twazan, piga nou manje anyen nan rekòt la.
And when you have come into the land, and have put in all sorts of fruit-trees, their fruit will be as if they had not had circumcision, and for three years their fruit may not be used for food.
ὅταν δὲ εἰσέλθῃτε εἰς τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν δίδωσιν ὑμῖν καὶ καταφυτεύσετε πᾶν ξύλον βρώσιμον καὶ περικαθαριεῖτε τὴν ἀκαθαρσίαν αὐτοῦ ὁ καρπὸς αὐτοῦ τρία ἔτη ἔσται ὑμῖν ἀπερικάθαρτος οὐ βρωθήσεται
- 24 Lè katyèm lanne a vin rive, n'a pran tout rekòt katyèm lanne a, n'a ofri l' ban mwen, mwen menm Seyè a, pou nou moutre jan nou genyen m' rekonesans.
And in the fourth year all the fruit will be holy as a praise-offering to the Lord.
καὶ τῷ ἔτει τῷ τετάρτῳ ἔσται πᾶς ὁ καρπὸς αὐτοῦ ἅγιος αἰνετὸς τῷ κυρίῳ
- 25 Men sou senkyèm lanne a, nou ka manje donn yo. Si nou fè sa konsa, pyebwa nou yo va donnen pi plis toujou. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
But in the fifth year you may take the fruit and the increase of it for your food: I am the Lord your God.
ἐν δὲ τῷ ἔτει τῷ πέμπτῳ φάγεσθε τὸν καρπὸν πρόσθεμα ὑμῖν τὰ γενήματα αὐτοῦ ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν

- 26 Piga nou manje ankenn vyann ak tout san li ladan l'. Piga nou chache konnen davans bagay ki gen pou rive nou nan lavi. Pa etidye pozisyon zetwal pou chache konnen sa ki pral rive sou latè.
Nothing may be used for food with its blood in it; you may not make use of strange arts, or go in search of signs and wonders.
 μη ἔσθετε ἐπὶ τῶν ὀρέων καὶ οὐκ οἰωνεῖσθε οὐδὲ ὀρνιθοσκοπήσεσθε
- 27 Lè nou gen moun mouri, piga nou koupe pafouten nou raz, piga nou taye pwent bab nou,
The ends of the hair round your face and on your chin may not be cut off.
 οὐ ποιήσετε σισόην ἐκ τῆς κόμης τῆς κεφαλῆς ὑμῶν οὐδὲ φθερεῖτε τὴν ὄψιν τοῦ πρόγονος ὑμῶν
- 28 piga nou make kò nou avèk kout kouto, ni piga nou fè desen ak lank sou kò nou. Se mwen menm ki Seyè a!
You may not make cuts in your flesh in respect for the dead, or have marks printed on your bodies: I am the Lord.
 καὶ ἐντομίδας ἐπὶ ψυχῇ οὐ ποιήσετε ἐν τῷ σώματι ὑμῶν καὶ γράμματα στικτὰ οὐ ποιήσετε ἐν ὑμῖν ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 29 Piga nou avili pitit fi nou yo pou nou voye yo fè jennès nan tanp zidòl yo. Si nou fè sa, tout peyi a va vire al jwenn zidòl yo. Lè sa a, tout moun va lage kò yo nan fè sa ki mal.
Do not make your daughter common by letting her become a loose woman, for fear that the land may become full of shame.
 οὐ βεβηλώσεις τὴν θυγατέρα σου ἐκπορνέσαι αὐτήν καὶ οὐκ ἐκπορνέσει ἡ γῆ καὶ ἡ γῆ πλησθήσεται ἀνομίας
- 30 ¶ Se pou nou respekte regleman jou repo mwen yo. Se pou nou respekte kay ki apa pou mwen an. Se mwen menm ki Seyè a!
Keep my Sabbaths and have respect for my holy place: I am the Lord.
 τὰ σάββατά μου φυλάξεσθε καὶ ἀπὸ τῶν ἁγίων μου φοβηθήσεσθε ἐγὼ εἰμι κύριος
- 31 Piga n' al konsilte moun k'ap rele mò nan tab tounant osinon moun k'ap fè divinò. Si nou fè sa, n'ap tounen tankou moun sa yo, nou p'ap nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
Do not go after those who make use of spirits, or wonder-workers; do not go in their ways or become unclean through them: I am the Lord your God.
 οὐκ ἐπακολουθήσετε ἐγγαστριμύθοις καὶ τοῖς ἐπαιδοῖς οὐ προσκολληθήσεσθε ἐκμανθῆναι ἐν αὐτοῖς ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 32 Toujou leve kanpe devan granmoun cheve blan. Respekte figi vye granmoun, paske nou gen krentif pou mwen menm, Bondye nou an. Se mwen menm ki Seyè a!
Get up from your seats before the white-haired, and give honour to the old, and let the fear of your God be before you: I am the Lord.
 ἀπὸ προσώπου πολιοῦ ἐξαναστήση καὶ τιμήσεις πρόσωπον πρεσβυτέρου καὶ φοβηθήση τὸν θεόν σου ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 33 Piga nou maltrete moun lòt nasyon ki vin rete nan peyi a ansanm ak nou.
And if a man from another country is living in your land with you, do not make life hard for him;
 ἐὰν δέ τις προσέλθῃ προσήλυτος ὑμῖν ἐν τῇ γῆ ὑμῶν οὐ θλίψετε αὐτόν
- 34 Se pou nou aji ak yo menm jan nou gen pou nou aji ak moun natif natal peyi a. Se pou nou renmen yo tankou nou renmen pwòp tèt pa nou. Pa bliye nou menm tou yon lè nou te rete nan peyi Lejip ki pa t' peyi pa nou! Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
Let him be to you as one of your countrymen and have love for him as for yourself; for you were living in a strange land, in the land of Egypt: I am the Lord your God.
 ὡς ὁ αὐτόχθον ἐν ὑμῖν ἔσται ὁ προσήλυτος ὁ προσπορευόμενος πρὸς ὑμᾶς καὶ ἀγαπήσεις αὐτόν ὡς σεαυτόν ὅτι προσήλυτος ἐγενήθητε ἐν γῆ αἰγύπτῳ ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 35 Piga nou fè lenjistis nan tribinal. Piga nou twonpe moun lè n'ap mezire longè yon bagay, lè n'ap peze nan balans, lè n'ap mezire pa mamit.
Do not make false decisions in questions of yard-sticks and weights and measures.
 οὐ ποιήσετε ἄδικον ἐν κρίσει ἐν μέτροις καὶ ἐν σταθμίαις καὶ ἐν ζυγοῖς
- 36 N'a toujou gen bon balans, bon pwa, bon lòn, bon mezi. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an. Se mwen menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip!
Have true scales, true weights and measures for all things: I am the Lord your God, who took you out of the land of Egypt;
 ζυγὰ δίκαια καὶ στάθμια δίκαια καὶ χοῦς δίκαιος ἔσται ὑμῖν ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ὁ ἐξαγαγὼν ὑμᾶς ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 37 Se pou nou kenbe tout lòd ak tout kòmandman mwen ban nou yo. Se pou nou swiv yo. Se mwen menm ki Seyè a!
You are to keep all my rules and my decisions and do them: I am the Lord.
 καὶ φυλάξεσθε πάντα τὸν νόμον μου καὶ πάντα τὰ προστάγματά μου καὶ ποιήσετε αὐτὰ ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
 καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων

- 2 -Men sa pou ou di moun pèp Izrayèl yo: Depi yon moun bay yonn nan pitit li yo pou sèvi nan sèvis zidòl Molòk, li te mèt moun peyi a osinon moun lòt nasyon k'ap viv nan peyi a, se pou yo touye l'.
Wi, tout moun nan peyi a va kalonnen l' wòch jouk li mouri.
Again, say to the children of Israel, If any man of the children of Israel, or any other man living in Israel, gives his offspring to Molech, he is certainly to be put to death: he is to be stoned by the people of the land;
καὶ τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ λαλήσεις ἂν τις ἀπὸ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἢ ἀπὸ τῶν προσγεγενημένων προσηλύτων ἐν ἰσραὴλ ὃς ἂν δῶ τοῦ σπέρματος αὐτοῦ ἄρχοντι θανάτῳ θανατούσθω τὸ ἔθνος τὸ ἐπὶ τῆς γῆς λῆθροβλήσουσιν αὐτὸν ἐν λίθοις
- 3 Mwen menm bò pa m', mwen p'ap okipe l' ankò, m'ap wete l' nan mitan pèp mwen an. Paske li te bay yonn nan pitit li yo pou sèvi nan sèvis Molòk, li mete kay ki apa pou mwen an nan kondisyon yo pa ka fè sèvis ladan l' pou mwen, li derespekte non mwen.
And my face will be turned against that man, and he will be cut off from his people; because he has given his offspring to Molech, making my holy place unclean, and making my holy name common.
καὶ ἐγὼ ἐπιστήσω τὸ πρόσωπόν μου ἐπὶ τὸν ἄνθρωπον ἐκεῖνον καὶ ἀπολῶ αὐτὸν ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ ὅτι τοῦ σπέρματος αὐτοῦ ἔδωκεν ἄρχοντι ἵνα μιάνη τὰ ἅγια μου καὶ βεβηλώσῃ τὸ ὄνομα τῶν ἡγίων μένων μοι
- 4 Men, si moun ki nan peyi a fèmen je yo sou sa nonm lan fè a, lè li te bay pitit li pou fè sèvis pou Molòk la, si yo pa touye l',
And if the people of the land do not take note of that man when he gives his offspring to Molech, and do not put him to death,
ἂν δὲ ὑπερόψει ὑπερίδωσιν οἱ αὐτόχθονες τῆς γῆς τοῖς ὀφθαλμοῖς αὐτῶν ἀπὸ τοῦ ἀνθρώπου ἐκεῖνου ἐν τῷ δοῦναι αὐτὸν τοῦ σπέρματος αὐτοῦ ἄρχοντι τοῦ μὴ ἀποκτεῖναι αὐτόν
- 5 se mwen menm ki p'ap okipe l' ankò, li menm ak tout fanmi l'. M'ap wete yo nan mitan pèp mwen an, ni li, ni nenpòt lòt moun k'ap vire do ban mwen tankou l' pou y' al sèvi Molòk.
Then my face will be turned against him and his family, and he and all those who do evil with him will be cut off from among their people.
καὶ ἐπιστήσω τὸ πρόσωπόν μου ἐπὶ τὸν ἄνθρωπον ἐκεῖνον καὶ τὴν συγγένειαν αὐτοῦ καὶ ἀπολῶ αὐτὸν καὶ πάντας τοὺς ὁμοιοῦντας αὐτῷ ὥστε ἐκπορνεύειν αὐτὸν εἰς τοὺς ἄρχοντας ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῶν
- 6 Si yon moun vire do ban mwen poul al konsilte moun k'ap rele mò nan tab tounant, osinon moun k'ap fè divini, mwen p'ap okipe l' ankò, m'ap wete l' nan mitan pèp mwen an.
And whoever goes after those who make use of spirits and wonder-workers, doing evil with them, against him will my face be turned, and he will be cut off from among his people.
καὶ ψυχὴ ἢ ἂν ἐπακολουθήσῃ ἐγγαστριμύθοις ἢ ἐπαιδοῖς ὥστε ἐκπορνεύσει ὀπίσω αὐτῶν ἐπιστήσω τὸ πρόσωπόν μου ἐπὶ τὴν ψυχὴν ἐκεῖνην καὶ ἀπολῶ αὐτὴν ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῆς
- 7 Se pou nou viv apa pou mwen. Piga nou fè bagay mwen di nou pa fè, paske se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an.
So make and keep yourselves holy, for I am the Lord your God.
καὶ ἔσεσθε ἅγιοι ὅτι ἅγιος ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 8 Se pou nou kenbe lòd mwen ban nou yo, se pou nou swiv yo. Se mwen menm Seyè a, se mwen menm k'ap fè nou sèvi m' nan tou sa n'ap fè!
And keep my rules and do them: I am the Lord, who make you holy.
καὶ φυλάξεσθε τὰ προστάγματα μου καὶ ποιήσετε αὐτὰ ἐγὼ κύριος ὁ ἁγιάζων ὑμᾶς
- 9 Depi yon moun bay manman l' osinon papa l' madichon, se pou yo touye l'. Paske li madichonnen manman l' ak papa l', se li menm sèl kab reskonsab lanmò li.
Every man cursing his father or his mother is certainly to be put to death; because of his curse on his father or his mother, his blood will be on him.
ἄνθρωπος ἄνθρωπος ὃς ἂν κακῶς εἴπῃ τὸν πατέρα αὐτοῦ ἢ τὴν μητέρα αὐτοῦ θανάτῳ θανατούσθω πατέρα αὐτοῦ ἢ μητέρα αὐτοῦ κακῶς εἶπεν ἔνοχος ἔσται
- 10 ¶ Depi yon nonm fè adiltè ak madanm yon frè parèy li, se pou yo touye yo, ni li ni madanm lan.
And if a man has sex relations with another man's wife, even the wife of his neighbour, he and she are certainly to be put to death.
ἄνθρωπος ὃς ἂν μοιχεύσῃται γυναῖκα ἀνδρὸς ἢ ὃς ἂν μοιχεύσῃται γυναῖκα τοῦ πλησίον θανάτῳ θανατούσθωσαν ὁ μοιχεύων καὶ ἡ μοιχευομένη
- 11 Depi yon nonm kouche madanm papa l', li jete dezonè sou papa l'. Se pou yo touye yo, ni li ni madanm lan. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo.
And the man who has sex relations with his father's wife has put shame on his father: the two of them are to be put to death; their blood will be on them.
ἂν τις κοιμηθῇ μετὰ γυναίκας τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἀσχημοσύνην τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἀπεκάλυψεν θανάτῳ θανατούσθωσαν ἀμφότεροι ἔνοχοι εἰσιν
- 12 Depi yon moun kouche bèlfi li, se pou yo touye tou de. Sa yo fè a se yon wont. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo.
And if a man has sex relations with his son's wife, the two of them are to be put to death: it is unnatural; their blood will be on them.
καὶ ἂν τις κοιμηθῇ μετὰ νύμφης αὐτοῦ θανάτῳ θανατούσθωσαν ἀμφότεροι ἡσεβήκασιν γὰρ ἔνοχοι εἰσιν
- 13 Depi yon nonm kouche yon nonm tankou li ta fè l' ak yon fanm, sa yo fè la a se bagay Bondye pi pa vle we. Se pou yo touye tou de. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo.
And if a man has sex relations with a man, the two of them have done a disgusting thing: let them be put to death; their blood will be on them.
καὶ ὃς ἂν κοιμηθῇ μετὰ ἄρσενος κοίτην γυναικὸς βδέλυγμα ἐποίησαν ἀμφότεροι θανατούσθωσαν ἔνοχοι εἰσιν

- 14 Si yon nonm marye ak yon fi ansanm ak manman fi a tou, se bagay ki sal nèt yo fè la a. Se pou yo boule tou twa nan dife. Bagay konsa pa fèt pou fèt nan mitan nou.
 And if a man takes as wife a woman and her mother, it is an act of shame; let them be burned with fire, all three of them, so that there may be no shame among you.
 ὅς ἐάν λάβῃ γυναῖκα καὶ τὴν μητέρα αὐτῆς ἀνόμιμά ἐστιν ἐν πυρὶ κατακαύσουσιν αὐτὸν καὶ αὐτάς καὶ οὐκ ἔσται ἀνομία ἐν ὑμῖν
- 15 Si yon nonm kwaze ak yon zannimo, se pou yo touye l', li menm ansanm ak zannimo a. Wi, se pou yo touye yo.
 And if a man has sex relations with a beast, let him be put to death, and let the beast be put to destruction.
 καὶ ὅς ἂν δῶ κοιτασίαν αὐτοῦ ἐν τετράποδι θανάτῳ θανατούσθω καὶ τὸ τετράπουν ἀποκτενεῖτε
- 16 Si yon fanm chache yon jan pou li kwaze ak yon zannimo, se pou yo touye l', li menm ansanm ak zannimo a. Wi, se pou yo touye yo. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo.
 And if a woman goes near a beast and has sex relations with it, you will put an end to the woman and the beast: their blood will be on them.
 καὶ γυνή ἣτις προσελεύσεται πρὸς πᾶν κτῆνος βιβασθῆναι αὐτὴν ὑπ' αὐτοῦ ἀποκτενεῖτε τὴν γυναῖκα καὶ τὸ κτῆνος θανάτῳ θανατούσθωσαν ἔνοχοι εἰσιν
- 17 Si yon nonm marye ak sè li, li te mèt pitit fi manman l' osinon pitit fi papa l', si yo kouche yonn ak lòt, yo avili tèt yo devan tout pèp Izrayèl la. Sa yo fè a se yon gwo wont. Se pou yo chase yo nan mitan pèp la. Li te kouche sè li, se pou li peye pou sa l' fè a.
 And if a man takes his sister, daughter of his father or his mother, and has sex relations with her and she with him, it is an act of shame: they are to be cut off before the children of their people; he has had sex relations with his sister, and his sin will be on him.
 ὅς ἐάν λάβῃ τὴν ἀδελφὴν αὐτοῦ ἐκ πατρὸς αὐτοῦ ἢ ἐκ μητρὸς αὐτοῦ καὶ ἴδῃ τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς καὶ αὕτη ἴδῃ τὴν ἀσχημοσύνην αὐτοῦ ὄνειδός ἐστιν ἐξολεθρευθήσονται ἐνώπιον υἱῶν γένους αὐτῶν ἀσχημοσύνην ἀδελφῆς αὐτοῦ ἀπεκάλυψεν ἁμαρτίαν κομιοῦνται
- 18 Si yon nonm kouche yon fanm ki gen règ li, se pou yo wete yo nan mitan pèp la.
 And if a man has sex relations with a woman at the time when she is unwell, he has seen her fountain and she has let the fountain of her blood be uncovered, and the two of them are to be cut off from among their people.
 καὶ ἀνὴρ ὅς ἂν κοιμηθῇ μετὰ γυναῖκός ἀποκαθημένης καὶ ἀποκαλύψῃ τὴν ἀσχημοσύνην αὐτῆς τὴν πηγὴν αὐτῆς ἀπεκάλυψεν καὶ αὕτη ἀπεκάλυψεν τὴν ῥύσιν τοῦ αἵματος αὐτῆς ἐξολεθρευθήσονται ἀμώτεροι ἐκ τοῦ γένους αὐτῶν
- 19 Si yon nonm kouche matant li, matant bò papa l' osinon matant bò manman l', li kouche pwòp fanmi l'. Se pou yo fè tou de peye pou sa yo fè a.
 And you may not have sex connection with your mother's sister or your father's sister, for they are his near relations: their sin will be on them.
 καὶ ἀσχημοσύνην ἀδελφῆς πατρὸς σου καὶ ἀδελφῆς μητρὸς σου οὐκ ἀποκαλύψεις τὴν γὰρ οἰκειότητα ἀπεκάλυψεν ἁμαρτίαν ἀποίσονται
- 20 Si yon nonm kouche madanm tonton li, li jete dezonè sou tonton li. Lè konsa, ni li, ni madanm lan, yo gen pou peye pou sa yo fè a. Y'a mouri san fè pitit.
 And if a man has sex relations with the wife of his father's brother, he has put shame on his father's brother: their sin will be on them; till the day of their death they will have no children.
 ὅς ἂν κοιμηθῇ μετὰ τῆς συγγενοῦς αὐτοῦ ἀσχημοσύνην τῆς συγγενείας αὐτοῦ ἀπεκάλυψεν ἄτεκνοι ἀποθανοῦνται
- 21 Si yon nonm marye ak madanm frè li, sa l' fè a se yon bagay k'ap mete l' nan kondisyon li pa ka sèvi Bondye, li jete dezonè sou frè li. Se poutèt sa, ni li ni madanm lan va rete san fè pitit.
 And if a man takes his brother's wife, it is an unclean act; he has put shame on his brother; they will have no children.
 ὅς ἂν λάβῃ τὴν γυναῖκα τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ ἀκαθαρσία ἐστὶν ἀσχημοσύνην τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ ἀπεκάλυψεν ἄτεκνοι ἀποθανοῦνται
- 22 ¶ Seyè a di ankò: -Se pou nou kenbe tout lòd mwen yo ak tout kòmandman mwen ban nou yo, se pou nou swiv yo. Konsa, peyi kote mwen pral mennen nou pou nou rete a p'ap voye nou jete deyò.
 So then, keep my rules and my decisions and do them, so that the land which I am giving you as your resting-place may not violently send you out again.
 καὶ φυλάξασθε πάντα τὰ προστάγματα μου καὶ τὰ κρίματά μου καὶ ποιήσετε αὐτά καὶ οὐ μὴ προσοχθίσῃ ὑμῖν ἡ γῆ εἰς ἣν ἐγὼ εἰσάγω ὑμᾶς ἐκεῖ κατοικεῖν ἐπ' αὐτῆς
- 23 Piga nou swiv move mès moun lòt nasyon mwen te mete deyò pou nou te ka antre nan peyi a. Yo te ban m' degoutans ak tout move bagay yo t'ap fè a.
 And do not keep the rules of the nations which I am driving out before you; for they did all these things, and for that reason my soul was turned against them.
 καὶ οὐχὶ πορεύεσθε τοῖς νομίμοις τῶν ἐθνῶν οὓς ἐξαποστέλλω ἀπ' ὑμῶν ὅτι ταῦτα πάντα ἐποίησαν καὶ ἐβδελυξάμην αὐτούς
- 24 Men, mwen te pwomèt mwen t'ap ban nou peyi sa a pou peyi pa nou. Se yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Wi, se mwen menm Seyè a, Bondye nou an, ki te chwazi nou nan mitan tout pèp yo pou mete nou apa.
 But I have said to you, You will take their land and I will give it to you for your heritage, a land flowing with milk and honey: I am the Lord your God who have made you separate from all other peoples.
 καὶ εἶπα ὑμῖν ὑμεῖς κληρονομήσατε τὴν γῆν αὐτῶν καὶ ἐγὼ δώσω ὑμῖν αὐτὴν ἐν κτήσει γῆν ῥέουσαν γάλα καὶ μέλι ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ὅς διώρισα ὑμᾶς ἀπὸ πάντων τῶν ἐθνῶν

- 25 Se konsa, koulye a, piga nou mele zannimo nou gen dwa manje ak zannimo nou pa gen dwa manje, zwazo nou gen dwa manje ak zwazo nou pa gen dwa manje. Pa kite ankenn zannimo ni ankenn zwazo nou pa gen dwa manje, ni bèt k'ap trennen sou vant mwen menm mwen di ki pa bon pou nou, mete nou nan kondisyon pou nou pa ka fè sèvis mwen.
So then, make division between the clean beast and the unclean, and between the clean bird and the unclean: do not make yourselves disgusting by any beast or bird or anything which goes flat on the earth, which has been marked by me as unclean for you.
καὶ ἀφοριεῖτε αὐτοὺς ἀνὰ μέσον τῶν κτηνῶν τῶν καθαρῶν καὶ ἀνὰ μέσον τῶν κτηνῶν τῶν ἀκαθάρτων καὶ ἀνὰ μέσον τῶν πετεινῶν τῶν καθαρῶν καὶ τῶν ἀκαθάρτων καὶ οὐ βδελύξετε τὰς ψυχὰς ὑμῶν ἐν τοῖς κτήνεσιν καὶ ἐν τοῖς πετεινοῖς καὶ ἐν πᾶσιν τοῖς ἔρπετοῖς τῆς γῆς ἃ ἐγὼ ἀφόρισα ὑμῖν ἐν ἀκαθαρσίᾳ
- 26 Se pou nou viv apa pou mwen, paske mwen menm se yon Bondye apa mwen ye. Mwen menm Seyè a, mwen mete nou apa nan mitan tout lòt pèp yo pou nou ka pou mwen nèt.
And you are to be holy to me; for I the Lord am holy and have made you separate from the nations, so that you may be my people.
καὶ ἔσεσθέ μοι ἅγιοι ὅτι ἐγὼ ἅγιος κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ὁ ἀφορίσας ὑμᾶς ἀπὸ πάντων τῶν ἔθνων εἶναι ἐμοί
- 27 Depi yon nonm osinon yon fanm gen lespri yon mò sou li, osinon yon lòt lespri k'ap fè l' fè divinò, se pou yo touye yo. Y'a touye yo ak kout wòch. Lè konsa, se yo menm sèl k'ap reskonsab lanmò yo.
Any man or woman who makes use of spirits, or who is a wonder-worker, is to be put to death: they are to be stoned with stones: their blood will be on them.
καὶ ἀνὴρ ἢ γυνὴ ὃς ἂν γένηται αὐτῶν ἐγγαστριμυθὸς ἢ ἑταιοιδὸς θανάτῳ θανατούσθωσαν ἀμφοτέρω λιθοῖς λιθοβολήσατε αὐτούς ἕνοχοί εἰσιν
- 1 ¶ Seyè a di Moyiz konsa: -Pale ak pitit Arawon yo, prèt yo. W'a di yo konsa: Lè yon prèt gen yon moun mouri nan fanmi l', piga li patisipe nan ankenn seremoni yo fè pou mò, pou sa pa mete l' nan kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye,
And the Lord said to Moses, Say to the priests, the sons of Aaron, Let no man make himself unclean for the dead among his people;
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων εἰπὸν τοῖς ἱερεῦσιν τοῖς υἱοῖς ααρων καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἐν ταῖς ψυχαῖς οὐ μιανθήσονται ἐν τῷ ἔθνῳ αὐτῶν
- 2 esepite pou fanmi pre anpil tankou manman, papa, pitit fi, pitit gason, frè.
But only for his near relations, for his mother or his father, his son or his daughter, and his brother;
ἀλλ' ἢ ἐν τῷ οἰκείῳ τῷ ἔγγιστῳ αὐτῶν ἐπὶ πατρὶ καὶ μητρὶ καὶ υἱοῖς καὶ θυγατράσιν ἐπ' ἀδελφῷ
- 3 Pou yon sè, si sè a poko fè zafè, li gen dwa mete tèt li nan kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye.
And for his sister, a virgin, for she is his near relation and has had no husband, he may make himself unclean.
καὶ ἐπ' ἀδελφῇ παρθένῳ τῇ ἐγγιζούσῃ αὐτῷ τῇ μὴ ἐκδεδομένη ἀνδρὶ ἐπὶ τούτοις μιανθήσεται
- 4 Yon prèt pa gen dwa mete tèt li nan kondisyon pou l' pa ka fè sèvis Bondye lè se yon sè li ki deja marye ki mouri.
But let him, being a chief among his people, not make himself unclean in such a way as to put shame on himself.
οὐ μιανθήσεται ἐξάπινα ἐν τῷ λαῷ αὐτοῦ εἰς βεβήλωσιν αὐτοῦ
- 5 Prèt yo pa gen dwa kale ankenn pati nan tèt yo, ni yo pa gen dwa taye pwent bab yo, ni yo pa gen dwa make kò yo avèk kouto, pou fè wè yo gen moun mouri.
They are not to have their hair cut off for the dead, or the hair on their chins cut short, or make cuts in their flesh.
καὶ φαλάκρομα οὐ ξυρήθησεσθε τὴν κεφαλὴν ἐπὶ νεκρῷ καὶ τὴν ὄψιν τοῦ πώγωνος οὐ ξυρήσονται καὶ ἐπὶ τὰς σάρκας αὐτῶν οὐ κατατεμοῦσιν ἐντομίδας
- 6 Se pou yo viv apa nèt pou Bondye yo. Yo pa dwe derespekte non mwen. Paske se yo menm k'ap mete nan dife ofrann yo fè pou Seyè a, se manje Bondye y'ap ofri. Se pou yo toujou rete apa pou mwen.
Let them be holy to their God and not make the name of their God common; for the fire offerings of the Lord and the bread of their God are offered by them, and they are to be holy.
ἅγιοι ἔσονται τῷ θεῷ αὐτῶν καὶ οὐ βεβηλώσουσιν τὸ ὄνομα τοῦ θεοῦ αὐτῶν τὰς γὰρ θυσίας κυρίου δῶρα τοῦ θεοῦ αὐτῶν αὐτοὶ προσφέρουσιν καὶ ἔσονται ἅγιοι
- 7 Yon prèt pa gen dwa marye ni ak yon fanm ki t'ap fè jennès, ni ak yon fanm ki konn gason deja, ni ak yon fanm mari l' kite l', paske yo mete yo apa pou fè sèvis mwen.
They may not take as wife a loose or common woman, or one who has been put away by her husband: for the priest is holy to his God.
γυναῖκα πόρνην καὶ βεβηλωμένην οὐ λήμψονται καὶ γυναῖκα ἐκβεβηλημένην ἀπὸ ἀνδρὸς αὐτῆς ἅγιός ἐστιν τῷ κυρίῳ θεῷ αὐτοῦ
- 8 Tout moun dwe konsidere prèt yo tankou moun yo mete apa pou Bondye, paske se yo menm k'ap fè ofrann pou Bondye nou an. Mwen menm Seyè a, mwen yon Bondye apa. Se mwen k'ap fè nou viv apa pou mwen. Wi, se pou nou konsidere prèt yo tankou moun yo mete apa pou Bondye.
And he is to be holy in your eyes, for by him the bread of your God is offered; he is to be holy in your eyes, for I the Lord, who make you holy, am holy.
καὶ ἀγιάσει αὐτὸν τὰ δῶρα κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν οὗτος προσφέρει ἅγιος ἔσται ὅτι ἅγιος ἐγὼ κύριος ὁ ἀγιάζων αὐτούς
- 9 Si pitit fi yon prèt tonbe nan fè jennès, l'ap avili papa l', y'a boule l' nan dife pou touye l'.
And if the daughter of a priest makes herself common and by her loose behaviour puts shame on her father, let her be burned with fire.
καὶ θυγάτηρ ἀνθρώπου ἱερέως ἐὰν βεβηλωθῇ τοῦ ἐκπορνεῦσαι τὸ ὄνομα τοῦ πατρὸς αὐτῆς αὐτὴ βεβηλοὶ ἐπὶ πυρὸς κατακαυθήσεται

- 10 ¶ Granprèt la, se chèf li ye nan mitan tout prèt yo. Se moun yo te vide lwil sou tèt li a, moun yo te mete apa pou mete rad prèt la sou li a. Li pa fèt ni pou kite tèt li san penyen, ni pou l' chire rad sou li lè li gen moun mourì.
And he who is the chief priest among his brothers, on whose head the holy oil has been put, who is marked out to put on the holy robes, may not let his hair go loose or have his clothing out of order as a sign of sorrow.
 και ὁ ἱερεὺς ὁ μέγας ἀπὸ τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ τοῦ ἐπικεχυμένου ἐπὶ τὴν κεφαλὴν τοῦ ἐλαίου τοῦ χριστοῦ καὶ τετελειωμένου ἐνδύσασθαι τὰ ἱμάτια τὴν κεφαλὴν οὐκ ἀποκιδαρῶσει καὶ τὰ ἱμάτια οὐ διαρρήξει
- 11 Yo mete kouwòn mwen sou tèt li, yo vide lwil sou tèt li pou mete l' apa pou mwen. Li pa fèt pou l' fè bagay ki pou mete l' nan kondisyon pou li pa ka fè sèvis Bondye, pou l' derespekte kay yo mete apa pou Bondye a.
He may not go near any dead body or make himself unclean for his father or his mother;
 και ἐπὶ πάσῃ ψυχῇ τετελευτηκυῖα οὐκ εἰσελεύσεται ἐπὶ πατρὶ αὐτοῦ οὐδὲ ἐπὶ μητρὶ αὐτοῦ οὐ μιανθήσεται
- 12 Li pa fèt pou l' kite kay Bondye a pou l' al antre nan yon kay kote gen kadav moun mourì, menm si se papa l' osinon manman l' ki mourì a. Se mwen menm ki Seyè a!
He may not go out of the holy place or make the holy place of his God common; for the crown of the holy oil of his God is on him: I am the Lord.
 και ἐκ τῶν ἁγίων οὐκ ἐξελεύσεται καὶ οὐ βεβηλώσει τὸ ἡγιασμένον τοῦ θεοῦ αὐτοῦ ὅτι τὸ ἅγιον ἔλαιον τὸ χριστὸν τοῦ θεοῦ ἐπ' αὐτῷ ἐγὼ κύριος
- 13 Granprèt la va marye ak yon jenn fi ki tifi.
And let him take as his wife one who has not had relations with a man.
 οὗτος γυναῖκα παρθένον ἐκ τοῦ γένους αὐτοῦ λήμψεται
- 14 Li p'ap pran pou madanm yon fanm vè, ni yon fanm divòse, ni yon fanm ki konn gason deja, osinon yon fanm ki t'ap fè jennès. Se sèlman yon jenn fi ki sotì nan menm branch fanmi avè l' pou li pran pou madanm.
A widow, or one whose husband has put her away, or a common woman of loose behaviour, may not be the wife of a priest; but let him take a virgin from among his people.
 χήραν δὲ καὶ ἐκβεβλημένην καὶ βεβηλωμένην καὶ πόρνην ταύτας οὐ λήμψεται ἀλλ' ἢ παρθένον ἐκ τοῦ γένους αὐτοῦ λήμψεται γυναῖκα
- 15 Sinon, pitit li yo va yon wont pou fanmi an. Se mwen menm, Seyè a, ki mete li apa pou sèvis mwen.
And he may not make his seed unclean among his people, for I the Lord have made him holy.
 και οὐ βεβηλώσει τὸ σπέρμα αὐτοῦ ἐν τῷ λαῷ αὐτοῦ ἐγὼ κύριος ὁ ἀγιάζων αὐτόν
- 16 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 17 -Pale ak Arawon, w'a di li: Si gen yon moun nan fanmi ou ki gen yon enfimite, li p'ap janm ka pwoche pou l' fè ofrann manje pou Bondye li. Regleman sa a ou fèt pou swiv li tout tan de pitit an pitit.
Say to Aaron, If a man of your family, in any generation, is damaged in body, let him not come near to make the offering of the bread of his God.
 εἰπὸν ααρων ἄνθρωπος ἐκ τοῦ γένους σου εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν τίνι ἐὰν ᾗ ἐν αὐτῷ μῶμος οὐ προσελεύσεται προσφέρειν τὰ δῶρα τοῦ θεοῦ αὐτοῦ
- 18 Ankenn gason enfim pa gen dwa prezante ofrann bay Bondye, kit li avèg, kit li bwete, kit li domaje nan figi, kit li difòm,
For any man whose body is damaged may not come near: one who is blind, or has not the use of his legs, or one who has a broken nose or any unnatural growth,
 πᾶς ἄνθρωπος ᾧ ἂν ᾗ ἐν αὐτῷ μῶμος οὐ προσελεύσεται ἄνθρωπος χωλὸς ἢ τυφλὸς ἢ κολοβόρριν ἢ ὠτότμητος
- 19 kit li enfim nan men osinon nan pye,
Or a man with broken feet or hands,
 ἢ ἄνθρωπος ᾧ ἔστιν ἐν αὐτῷ σύντριμμα χειρὸς ἢ σύντριμμα ποδός
- 20 kit li gen boul nan do, kit li rachitik, kit li malad nan je, kit li gen maladi po, kit grenn li kraze.
Or one whose back is bent, or one who is unnaturally small, or one who has a damaged eye, or whose skin is diseased, or whose sex parts are damaged;
 ἢ κυρτὸς ἢ ἐφηλὸς ἢ πτίλος τοὺς ὀφθαλμοὺς ἢ ἄνθρωπος ᾧ ἂν ᾗ ἐν αὐτῷ ψόρα ἀργία ἢ λιχὴν ἢ μόνωρις
- 21 Depi yon gason nan ras prèt Arawon an enfim yon kote nan kò li, li p'ap ka pwoche pou fè ofrann pou boule nan dife pou Seyè a. Wi, si li gen yon enfimite, li p'ap ka pwoche devan Bondye pou fè ofrann pou li.
No man of the offspring of Aaron whose body is damaged in any way may come near to give the fire offerings of the Lord: he is damaged, he may not come near to make the offerings.
 πᾶς ᾧ ἔστιν ἐν αὐτῷ μῶμος ἐκ τοῦ σπέρματος ααρων τοῦ ἱερέως οὐκ ἐγγιεῖ τοῦ προσενεγκεῖν τὰς θυσίας τῷ θεῷ σου ὅτι μῶμος ἐν αὐτῷ τὰ δῶρα τοῦ θεοῦ οὐ προσελεύσεται προσενεγκεῖν

- 22 Yon nonm konsa ka toujou manje nan manje yo ofri ban mwen, kit se nan manje yo ofri m' lan osinon nan manje yo mete apa pou mwen an.
He may take of the bread of God, the holy and the most holy;
τὰ δῶρα τοῦ θεοῦ τὰ ἅγια τῶν ἁγίων καὶ ἀπὸ τῶν ἁγίων φάγεται
- 23 Men, li pa gen dwa pwoche bò rido a ni vin bò lotèl la paske li enfim nan kò l'. Li pa fèt pou derespekte bagay ki apa pou mwen yo paske se mwen menm Seyè a ki mete yo apa pou mwen.
But he may not go inside the veil or come near the altar, because he is damaged; and he may not make my holy places common; for I the Lord have made them holy.
πλὴν πρὸς τὸ καταπέτασμα οὐ προσελύσεται καὶ πρὸς τὸ θυσιαστήριον οὐκ ἐγγιεῖ ὅτι μῶμον ἔχει καὶ οὐ βεβηλώσει τὸ ἅγιον τοῦ θεοῦ αὐτοῦ ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ ἁγιάζων αὐτούς
- 24 Se konsa, Moyiz pale ak Arawon, ak pitit gason l' yo ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo, li di yo tou sa.
These are the words which Moses said to Aaron and to his sons and to all the children of Israel.
καὶ ἐλάλησεν μουσῆς πρὸς ααρων καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ πρὸς πάντας υἱοὺς ἰσραηλ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di li:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Men sa w'a di Arawon ak pitit gason l' yo. Se pou yo konnen ki jan pou yo sèvi ak sa moun pèp Izrayèl yo ofri m', ofrann yo mete apa pou mwen, pou yo pa derespekte non m'. Se mwen menm ki Seyè a.
Give orders to Aaron and to his sons to keep themselves separate from the holy things of the children of Israel which they give to me, and not to make my holy name common: I am the Lord,
εἰπὼν ααρων καὶ τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ καὶ προσεχέτωσαν ἀπὸ τῶν ἁγίων τῶν υἱῶν ἰσραηλ καὶ οὐ βεβηλώσουσιν τὸ ὄνομα τὸ ἅγιόν μου ὅσα αὐτοὶ ἁγιάζουσίν μοι ἐγὼ κύριος
- 3 W'a di yo pou mwen: Lè yon gason nan fanmi nou pa nan kondisyon pou fè sèvis mwen, si li pwoche bò kote ofrann moun pèp Izrayèl yo mete apa pou mwen, piga yo janm kite l' parèt devan m' ankò! Se mwen menm ki Seyè a.
Say to them, If any man of all your seed through all your generations, being unclean, comes near the holy things which the children of Israel make holy to the Lord, he will be cut off from before me: I am the Lord.
εἰπὼν αὐτοῖς εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν πᾶς ἄνθρωπος ὃς ἂν προσέλθῃ ἀπὸ παντὸς τοῦ σπέρματος ὑμῶν πρὸς τὰ ἅγια ὅσα ἂν ἁγιάζουσιν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τῷ κυρίῳ καὶ ἡ ἀκαθαρσία αὐτοῦ ἐπ' αὐτῷ ἐξολεθρευθῆσεται ἡ ψυχὴ ἐκείνη ἀπ' ἐμοῦ ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 4 Si yon gason nan branch fanmi Arawon an gen yon move maladi po osinon ekoulman, li p'ap ka manje nan ofrann yo mete apa pou Bondye toutotan li pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò. Konsa tou, si yon prèt manyen yon kadav, osinon yon nonm ki gen ekoulman, li pa nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye a.
No man of the seed of Aaron who is a leper, or who has a flow from his body, may take of the holy food till he is clean. And any man touching anything which is unclean because of the dead, or any man whose seed goes from him;
καὶ ἄνθρωπος ἐκ τοῦ σπέρματος ααρων τοῦ ἱερέως καὶ οὗτος λεπρᾶ ἢ γονορρυῆς τῶν ἁγίων οὐκ ἔδεται ἕως ἂν καθαρισθῇ καὶ ὁ ἀπτόμενος πάσης ἀκαθαρσίας ψυχῆς ἢ ἄνθρωπος ὃς ἂν ἐξέλθῃ ἐξ αὐτοῦ ὃ κοίτη σπέρματος
- 5 Ou ankò si yon prèt manyen yonn nan bèt k'ap trennen sou vant yo, bèt ki ka mete l' nan kondisyon pou l' pa kapab fè sèvis Bondye, ou ankò si li manyen yon moun ki deja nan kondisyon sa a pou tèt pa l', prèt la tou pa ka fè sèvis Bondye.
Or anyone touching any unclean thing which goes flat on the earth, or someone by whom he may be made unclean in any way whatever;
ἢ ὅστις ἂν ἄψηται παντὸς ἔρπετοῦ ἀκαθάρτου ὃ μιανεῖ αὐτόν ἢ ἐπ' ἀνθρώπῳ ἐν ᾧ μιανεῖ αὐτόν κατὰ πᾶσαν ἀκαθαρσίαν αὐτοῦ
- 6 L'a rete nan kondisyon sa a jouk aswè, lèfini tou li p'ap ka manje nan ofrann yo mete apa pou Bondye yo. Se pou li pran yon bon beny nan dlo anvan.
Any person touching any such unclean thing will be unclean till evening, and may not take of the holy food till his flesh has been bathed in water;
ψυχὴ ἧτις ἂν ἄψηται αὐτῶν ἀκάθαρτος ἔσται ἕως ἑσπέρας οὐκ ἔδεται ἀπὸ τῶν ἁγίων ἐν μὴ λούσῃται τὸ σῶμα αὐτοῦ ὕδατι
- 7 Apre solèy kouche, l'a nan kondisyon pou l' fè sèvis Bondye. Se lè sa a l'a ka manje nan ofrann yo mete apa pou Bondye a, paske se sa ki manje l'.
And when the sun has gone down he will be clean; and after that he may take part in the holy food, because it is his bread.
καὶ δὴ ὁ ἥλιος καὶ καθαρὸς ἔσται καὶ τότε φάγεται τῶν ἁγίων ὅτι ἄρτος ἐστὶν αὐτοῦ
- 8 Li pa gen dwa manje ni vyann bèt ki mouri mò natirèl, ni vyann bèt bèt nan bwa touye. Bagay konsa ap mete l' nan kondisyon pou li pa kapab fè sèvis Bondye. Se mwen menm ki Seyè a!
That which comes to a natural death, or is attacked by beasts, he may not take as food, for it will make him unclean: I am the Lord.
θησιμαῖον καὶ θηριάλωτον οὐ φάγεται μιανθῆναν αὐτὸν ἐν αὐτοῖς ἐγὼ κύριος

- 9 Se pou tout prèt yo swiv regleman mwen bay yo. Si yo pa swiv yo, y'a koupab, epi y'ap mouri paske yo pa respekte lòd Bondye menm te bay yo. Se mwen menm ki Seyè a, se mwen menm ki mete yo apa pou yo viv apa pou mwen.
 So then, let them keep what I have put into their care, for fear that sin may come on them because of it, so causing their death because they have made it common: I am the Lord, who make them holy.
 και φυλάξονται τὰ φυλάγματά μου ἵνα μὴ λάβωσιν δι' αὐτὰ ἁμαρτίαν καὶ ἀποθάνωσιν δι' αὐτὰ ἐὰν βεβηλώσωσιν αὐτὰ ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὁ ἀγιάζων αὐτούς
- 10 ¶ Depi yon moun pa fè pati fanmi prèt yo, li te mèt yon moun ki rete lakay yon prèt osinon yon moun k'ap travay pou lajan l' lakay prèt la, li pa gen dwa manje nan ofrann yo mete apa pou Bondye yo.
 No outside person may take of the holy food, or one living as a guest in the priest's house, or a servant working for payment.
 και πᾶς ἀλλογενῆς οὐ φάγεται ἅγια πάροικος ἱερέως ἢ μισθοῦτος οὐ φάγεται ἅγια
- 11 Men, esklav yon prèt, kit se achte li te achte l', kit li te fèt lakay li, gen dwa manje nan manje prèt la resewva a.
 But any person for whom the priest has given money, to make him his, may take of it with him; and those who come to birth in his house may take of his bread.
 ἐὰν δὲ ἱερεὺς κτήσεται ψυχὴν ἔγκτητον ἀργυρίου οὗτος φάγεται ἐκ τῶν ἄρτων αὐτοῦ καὶ οἱ οἰκογενεῖς αὐτοῦ καὶ οὗτοι φάγονται τῶν ἄρτων αὐτοῦ
- 12 Si pitit fi yon prèt marye ak yon nonm ki pa prèt, li p'ap ka manje anyen nan ofrann yo fè pou Bondye yo.
 And if the daughter of a priest is married to an outside person she may not take of the holy things which are lifted up as offerings.
 και θυγάτηρ ἀνθρώπου ἱερέως ἐὰν γένηται ἀνδρὶ ἀλλογενεῖ αὐτῆ τῶν ἀπαρχῶν τῶν ἁγίων οὐ φάγεται
- 13 Men, si pitit fi a vèv osinon si li divòse, si li pa gen pitit epi li tounen kay papa l' sou kont papa l', l'a ka manje nan manje papa l'. Men, moun ki pa fè pati fanmi prèt yo pa gen dwa manje anyen ladan l'.
 But if a priest's daughter is a widow, or parted from her husband, and has no child, and has come back to her father's house as when she was a girl, she may take of her father's bread; but no outside person may do so.
 και θυγάτηρ ἱερέως ἐὰν γένηται χήρα ἢ ἐκβεβλημένη σπέρμα δὲ μὴ ἦν αὐτῆ ἐπαναστρέψει ἐπὶ τὸν οἶκον τὸν πατρικὸν κατὰ τὴν νεότητα αὐτῆς ἀπὸ τῶν ἄρτων τοῦ πατρὸς αὐτῆς φάγεται καὶ πᾶς ἄλλο γενῆς οὐ φάγεται ἀπ' αὐτῶν
- 14 Si yon moun ki pa fè pati fanmi prèt yo manje nan manje yo mete apa pou Bondye a san li pa konnen, li gen pou l' renmèt sa l' manje a plis ven pou san valè bagay la.
 And if a man takes the holy food in error, he will have to give the holy thing back to the priest, with the addition of a fifth part.
 και ἄνθρωπος ὃς ἂν φάγῃ ἅγια κατὰ ἄγνοιαν καὶ προσθήσεται τὸ ἐπίπεμπτον αὐτοῦ ἐπ' αὐτὸ καὶ δώσει τῷ ἱερεῖ τὸ ἅγιον
- 15 Prèt yo pa gen dwa kite moun ki pa fè pati fanmi yo derespekte manje yo mete apa pou Bondye.
 And they may not make common the holy things which the children of Israel give to the Lord,
 και οὐ βεβηλώσουσιν τὰ ἅγια τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἃ αὐτοὶ ἀφαιροῦσιν τῷ κυρίῳ
- 16 Si yo kite sa rive, moun lan va antò, l'ap peye pou sa. Se mwen menm ki Seyè a. Se mwen menm ki mete ofrann yo apa pou mwen.
 So causing sin to come on them when they take their holy things for food: I am the Lord who make them holy.
 και ἐπάξουσιν ἐφ' ἑαυτούς ἄνομίαν πλημμελείας ἐν τῷ ἐσθίειν αὐτούς τὰ ἅγια αὐτῶν ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ ἀγιάζων αὐτούς
- 17 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
 And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 18 -Pale ak Arawon ak pitit gason l' yo ak tout moun pèp Izrayèl la. Men sa w'a di yo: Lè yon moun nan pèp Izrayèl la, osinon yon moun lòt nasyon k'ap viv nan peyi a fè ofrann pou boule pou Seyè a, kit se paske li te fè yon ve, kit se paske li menm li fè lide fè ofrann lan,
 Say to Aaron and to his sons and to all the children of Israel, If any man of the children of Israel, or of another nation living in Israel, makes an offering, given because of an oath or freely given to the Lord for a burned offering;
 λάλησον ααρων καὶ τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ καὶ πάσῃ συναγωγῇ ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἄνθρωπος ἄνθρωπος ἀπὸ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἢ τῶν υἱῶν τῶν προσηλύτων τῶν προσκειμένων πρὸς αὐτούς ἐν ἰσραὴλ ὃς ἂν προσενέγκῃ τὰ δῶρα αὐτοῦ κατὰ πᾶσαν ὁμολογίαν αὐτῶν ἢ κατὰ πᾶσαν αἴρεσιν αὐτῶν ὅσα ἂν προσενέγκωσιν τῷ θεῷ εἰς ὄλοκαύτωμα
- 19 se pou l' chwazi yon towò bèf, yon belye osinon yon bouk kabrit san ankenn enfimite si li vle pou m' asepte ofrann lan.
 So that it may be pleasing to the Lord, let him give a male, without any mark, from among the oxen or the sheep or the goats.
 δεκτὰ ὑμῖν ἄμωμα ἄρσενα ἐκ τῶν βουκολίων καὶ ἐκ τῶν προβάτων καὶ ἐκ τῶν αἰγῶν
- 20 Si nou ofri yon bèt ki gen nenpòt enfimite, Seyè a p'ap asepte l' nan men nou.
 But anything which has a mark you may not give; it will not make you pleasing to the Lord.
 πάντα ὅσα ἂν ἔχῃ μῶμον ἐν αὐτῷ οὐ προσάξουσιν κυρίῳ διότι οὐ δεκτὸν ἔσται ὑμῖν

- 21 Lè yon moun ap fè ofrann pou di Bondye mèsi, kit se paske li te fè yon ve, kit se paske li menm li vle fè ofrann lan, se pou bèt l'ap ofri a, li te mèt gwo bèt, li te mèt ti bèt, pa gen ankenn enfimite, si li vle pou m' asepte l'.
- And whoever makes a peace-offering to the Lord, in payment of an oath or as a free offering, from the herd or the flock, if it is to be pleasing to the Lord, let it be free from any mark or damage.
- καὶ ἄνθρωπος ὃς ἂν προσενέγκῃ θυσίαν σωτηρίου τῷ κυρίῳ διαστείλας εὐχὴν κατὰ αἴρεσιν ἢ ἐν ταῖς ἐορταῖς ὑμῶν ἐκ τῶν βουκολίων ἢ ἐκ τῶν προβάτων ἄμωμον ἔσται εἰς δεκτὸν πᾶς μῶμος οὐκ ἔσται ἐν αὐτῷ
- 22 Piga nou janm ofri bay Seyè a bèt je pete, bèt k'ap bwete, bèt ki pèdi janm, bèt ki gen maleng, bèt ki gen maladi po. Piga nou janm pran yon bèt konsa pou nou mete sou lotèl la pou nou boule nan dife pou Seyè a.
- Anything blind or broken or damaged or having any disease or any mark on it may not be offered to the Lord; you may not make an offering of it by fire on the altar to the Lord.
- τυφλὸν ἢ συντετριμμένον ἢ γλωσσότμητον ἢ μυρμηκιδῶντα ἢ ψωραγιῶντα ἢ λιχῆνας ἔχοντα οὐ προσάξουσιν ταῦτα τῷ κυρίῳ καὶ εἰς κάρπωσιν οὐ δώσετε ἀπ' αὐτῶν ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον τῷ κυρίῳ
- 23 Lè nou menm nou fè lide fè yon ofrann pou Seyè a, nou ka ofri yon towo bèf osinon yon belye ki difòm osinon ki kata. Men, nou pa ka sèvi ak yo pou yon ofrann n'ap fè paske nou te fè yon ve. Mwen p'ap asepte l'.
- An ox or a lamb which has more or less than its natural parts, may be given as a free offering; but it will not be taken in payment of an oath.
- καὶ μόσχον ἢ πρόβατον ὠτότμητον ἢ κολοβόκερκον σφάλια ποιήσεις αὐτὰ σεαυτῷ εἰς δὲ εὐχὴν σου οὐ δεχθήσεται
- 24 Pa ofri bay Seyè a yon mal bèt ki gen grenn li yo foule, kraze, rache, osinon koupe. Nou pa gen dwa ofri bèt konsa nan peyi nou an.
- An animal which has its sex parts damaged or crushed or broken or cut, may not be offered to the Lord; such a thing may not be done anywhere in your land.
- θλαδίαν καὶ ἐκτεθλιμμένον καὶ ἐκτομίαν καὶ ἀπεσπασμένον οὐ προσάξεις αὐτὰ τῷ κυρίῳ καὶ ἐπὶ τῆς γῆς ὑμῶν οὐ ποιήσετε
- 25 Piga nou pran bèt moun lòt nasyon fè nou kado pou n' ofri bay Seyè a. Paske bèt konsa pa antye, yo manke kichòy nan kò yo. Seyè a p'ap asepte yo nan men nou.
- And from one who is not an Israelite you may not take any of these for an offering to the Lord; for they are unclean, there is a mark on them, and the Lord will not be pleased with them.
- καὶ ἐκ χειρὸς ἀλλογενοῦς οὐ προσοίσετε τὰ δῶρα τοῦ θεοῦ ὑμῶν ἀπὸ πάντων τούτων ὅτι φθάρματα ἔστιν ἐν αὐτοῖς μῶμος ἐν αὐτοῖς οὐ δεχθήσεται ταῦτα ὑμῖν
- 26 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
- And the Lord said to Moses,
- καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μοϋσῆν λέγων
- 27 -Lè yon ti bèf, yon ti mouton osinon yon ti kabrit fenk fèt, se pou nou kite l' deyè manman l' pandan sèt jou. Depi sou wityèm jou a, nou gen dwa ofri l' pou boule nan dife pou Seyè a.
- When an ox or a sheep or a goat is given birth, let it be with its mother for seven days; and after the eighth day it may be taken as an offering made by fire to the Lord.
- μόσχον ἢ πρόβατον ἢ αἶγα ὡς ἂν τεχθῆῖ καὶ ἔσται ἑπτὰ ἡμέρας ὑπὸ τὴν μητέρα τῆ δὲ ἡμέρα τῆ ὀγδόῃ καὶ ἐπέκεινα δεχθήσεται εἰς δῶρα κάρπωμα κυρίῳ
- 28 Kit se bèf, kit se mouton, pa janm ofri yon bèt ansanm ak pitit li menm jou a.
- A cow or a sheep may not be put to death with its young on the same day.
- καὶ μόσχον ἢ πρόβατον αὐτὴν καὶ τὰ παιδιά αὐτῆς οὐ σφάζεις ἐν ἡμέρᾳ μιᾷ
- 29 Lè n'ap fè ofrann pou di Bondye mèsi, se pou nou swiv tout regleman yo si nou vle Seyè a asepte ofrann lan nan men nou.
- And when you make an offering of praise to the Lord, make it in a way which is pleasing to him.
- ἐὰν δὲ θύσης θυσίαν εὐχὴν χαρμοσύνης κυρίῳ εἰς δεκτὸν ὑμῖν θύσετε αὐτό
- 30 Se pou nou manje l' menm jou a. Pa kite anyen pou denmen maten. Se mwen menm ki Seyè a!
- Let it be used for food on the same day; do not keep any part of it till the morning: I am the Lord.
- αὐτῇ τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ βρωθήσεται οὐκ ἀπολείψετε ἀπὸ τῶν κρεῶν εἰς τὸ πρωὶ ἐγὼ εἰμι κύριος
- 31 Se pou nou fè tou sa mwen ban nou lòd fè. Wi, se pou nou swiv lòd mwen yo. Se mwen menm ki Seyè a!
- So then, keep my orders and do them: I am the Lord.
- καὶ φυλάξτε τὰς ἐντολάς μου καὶ ποιήσετε αὐτάς
- 32 Piga nou derespekte non mwen. Se pou tout moun pèp Izrayèl la respekte m'. Se mwen menm ki Seyè a, se mwen menm ki mete nou apa pou nou viv apa pou mwen.
- And do not make my holy name common; so that it may be kept holy by the children of Israel: I am the Lord who make you holy,
- καὶ οὐ βεβηλώσετε τὸ ὄνομα τοῦ ἁγίου καὶ ἁγιασθήσομαι ἐν μέσῳ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἐγὼ κύριος ὁ ἁγιάζων ὑμᾶς
- 33 Se mwen menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip pou m' te ka Bondye nou. Se mwen menm ki Seyè a!
- Who took you out of the land of Egypt that I might be your God: I am the Lord.
- ὁ ἐξαγαγὼν ὑμᾶς ἐκ γῆς αἰγύπτου ὥστε εἶναι ὑμῶν θεός ἐγὼ κύριος

- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo pou mwen: Men jou pou nou mande pèp la pou li reyini pou fè fèt pou Seyè a. Men lè pou nou fè fèt pou mwen.
Say to the children of Israel, These are the fixed feasts of the Lord, which you will keep for holy meetings: these are my feasts.
λάβησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς αἱ ἑορταὶ κυρίου ἃς καλέσετε αὐτὺς κλητὰς ἁγίας αὐταὶ εἰσιν ἑορταὶ μου
- 3 Chak senmenn nou gen sis jou pou n' fè travay nou. Men, setyèm jou a se jou repo. Jou sa a, piga nou fè ankenn travay. Se jou n'a reyini pou n' fè sèvis pou Bondye. Jou repo a se pou Seyè a li ye.
Nenpòt kote nou rete jou sa a, piga nou fè ankenn travay lakay nou.
On six days work may be done; but the seventh day is a special day of rest, a time for worship; you may do no sort of work: it is a Sabbath to the Lord wherever you may be living.
ἕξ ἡμέρας ποιήσεις ἔργα καὶ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ σάββατα ἀνάπαυσις κλητὴ ἁγία τῷ κυρίῳ πᾶν ἔργον οὐ ποιήσεις σάββατά ἐστιν τῷ κυρίῳ ἐν πάσῃ κατοικίᾳ ὑμῶν
- 4 ¶ Men jou pou nou fè fèt pou Seyè a, jou pou nou mande pèp la pou li reyini pou fè fèt pou Seyè a. Men dat pou nou reyini pèp la pou fèt yo:
These are the fixed feasts of the Lord, the holy days of worship which you will keep at their regular times.
αὐταὶ αἱ ἑορταὶ τῷ κυρίῳ κληταὶ ἅγιοι ἃς καλέσετε αὐτὺς ἐν τοῖς καιροῖς αὐτῶν
- 5 N'a fete fèt Delivrans lan pou Seyè a chak lanne, nan katòzyèm jou premye mwa a. N'a konmanse fèt la lè solèy fin kouche.
In the first month, on the fourteenth day of the month at nightfall, is the Lord's Passover;
ἐν τῷ πρώτῳ μηνί ἐν τῇ τεσσαρεσκαίδεκάτῃ ἡμέρᾳ τοῦ μηνὸς ἀνὰ μέσον τῶν ἑσπερινῶν πάσχα τῷ κυρίῳ
- 6 Sou kenzyèm jou premye mwa a, n'a konmanse fèt pen san ledven yo. Pandan sèt jou, n'a manje pen ki fèt san ledven.
And on the fifteenth day of the same month is the feast of unleavened bread; for seven days let your food be unleavened bread.
καὶ ἐν τῇ πεντεκαίδεκάτῃ ἡμέρᾳ τοῦ μηνὸς τούτου ἑορτὴ τῶν ἀζύμων τῷ κυρίῳ ἑπτὰ ἡμέρας ἄζυμα ἔδεσθε
- 7 Premye jou a, n'a reyini tout pèp la pou n' fè sèvis pou Bondye. Nou p'ap fè ankenn gwo travay jou sa a.
On the first day you will have a holy meeting; you may do no sort of field-work.
καὶ ἡ ἡμέρα ἡ πρώτη κλητὴ ἁγία ἔσται ὑμῖν πᾶν ἔργον λατρευτῶν οὐ ποιήσετε
- 8 Pandan sèt jou n'a boule ofrann nan dife pou Seyè a. Sou setyèm jou a, n'a reyini tout pèp la ankò pou n' adore Seyè a. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn gwo travay non plis.
And every day for seven days you will give a burned offering to the Lord; and on the seventh day there will be a holy meeting; you may do no field-work.
καὶ προσάξετε ὀλοκαυτώματα τῷ κυρίῳ ἑπτὰ ἡμέρας καὶ ἡ ἑβδόμη ἡμέρα κλητὴ ἁγία ἔσται ὑμῖν πᾶν ἔργον λατρευτῶν οὐ ποιήσετε
- 9 Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 10 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo. Men sa pou ou di yo. Lè n'a antre nan peyi m'ap ban nou an, lè n'a fin ranmase premye rekòt grenn nan jaden nou, n'a pran premye makout la, n'a pote l' bay prèt la.
Say to the children of Israel, When you have come to the land which I will give you, and have got in the grain from its fields, take some of the first-fruits of the grain to the priest;
εἰπὼν τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ὅταν εἰσέλθητε εἰς τὴν γῆν ἣν ἐγὼ δίδωμι ὑμῖν καὶ θερίζητε τὸν θερισμὸν αὐτῆς καὶ οἴσετε δράγμα ἀπαρχὴν τοῦ θερισμοῦ ὑμῶν πρὸς τὸν ἱερέα
- 11 Prèt la va balanse l' devan Seyè a tankou yon ofrann espesyal, pou Seyè a ka asepte resevwa nou. Prèt la va fè ofrann lan jou ki vini apre jou repo a.
And let the grain be waved before the Lord, so that you may be pleasing to him; on the day after the Sabbath let it be waved by the priest.
καὶ ἀνοίσει τὸ δράγμα ἔναντι κυρίου δεκτὸν ὑμῖν τῇ ἐπαύριον τῆς πρώτης ἀνοίσει αὐτὸ ὁ ἱερεὺς
- 12 Jou n'ap fè ofrann premye makout rekòt la, n'a pran yon ti belye ki pa gen ankenn enfimite epi ki poko gen ennan, n'a boule l' nèt pou Seyè a.
And on the day of the waving of the grain, you are to give a male lamb of the first year, without any mark, for a burned offering to the Lord.
καὶ ποιήσετε ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐν ἣ ἂν φέριτε τὸ δράγμα πρόβατον ἄμωμον ἐνιαύσιον εἰς ὀλοκαύτωμα τῷ κυρίῳ
- 13 N'a ofri ansanm avè l' tou katòz ti mamit farin frans melanje ak lwil oliv pou nou boule nan dife pou Seyè a. Bon sant ofrann lan va fè Seyè a plezi. N'a ofri tou yon boutèy ka diven pou yo vide pou Seyè a.
And let the meal offering with it be two tenth parts of an ephah of the best meal mixed with oil, an offering made by fire to the Lord for a sweet smell; and the drink offering with it is to be of wine, the fourth part of a hin.
καὶ τὴν θυσίαν αὐτοῦ δύο δέκατα σεμιδάλεως ἀναπεποιημένης ἐν ἐλαίῳ θυσία τῷ κυρίῳ ὀσμὴ εὐωδίας κυρίῳ καὶ σπονδὴν αὐτοῦ τὸ τέταρτον τοῦ ἰν οἴνου

- 14 Piga nou pran nan grenn nou fèk rekòlte yo ni pou nou manje kri, ni pou nou griye, ni pou nou fè pen, toutotan nou pa pote ofrann premye grenn yo bay Seyè a. Se va yon regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an pitit, kote nou pase.
 And you may take no bread or dry grain or new grain for food till the very day on which you have given the offering for your God: this is a rule for ever through all your generations wherever you are living.
 και ἄρτον και πεφρυγμένα χίδρα νέα οὐ φάγεσθε ἕως εἰς αὐτὴν τὴν ἡμέραν ταύτην ἕως ἂν προσενέγκητε ὑμεῖς τὰ δῶρα τῷ θεῷ ὑμῶν νόμιμον αἰώνιον εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν ἐν πάσῃ κατοικίᾳ ὑμῶν
- 15 ¶ N'a konte sèt semèn antye, depi jou nou te pote premye makout rekòl la ofri bay Seyè a, apre jou repo a.
 And let seven full weeks be numbered from the day after the Sabbath, the day when you give the grain for the wave offering;
 και ἀριθμήσετε ὑμεῖς ἀπὸ τῆς ἐπαύριον τῶν σαββάτων ἀπὸ τῆς ἡμέρας ἧς ἂν προσενέγκητε τὸ δράγμα τοῦ ἐπιθέματος ἐπὶ τὰ ἑβδομάδας ὀλοκλήρους
- 16 Wi, n'a konte senkant jou. Sa va mennen nou sou jou ki vini apre setyèm jou repo a. N'a fè yon lòt ofrann grenn jaden bay Seyè a.
 Let fifty days be numbered, to the day after the seventh Sabbath; then you are to give a new meal offering to the Lord.
 ἕως τῆς ἐπαύριον τῆς ἐσχάτης ἑβδομάδος ἀριθμήσετε πενήτηνκατα ἡμέρας και προσοίσετε θυσίαν νέαν τῷ κυρίῳ
- 17 Chak fanmi va soti lakay yo ak de gwo pen pou yo ofri bay Seyè a. Chak pen va fèt ak de liv farin kwit ak ledven. Y'a ofri yo bay Seyè a tankou ofrann premye grenn yo rekòlte.
 Take from your houses two cakes of bread, made of a fifth part of an ephah of the best meal, cooked with leaven, to be waved for first-fruits to the Lord.
 ἀπὸ τῆς κατοικίας ὑμῶν προσοίσετε ἄρτους ἐπιθεμα δύο ἄρτους ἐκ δύο δεκάτων σεμιδάλεως ἔσονται ἐξυμωμένοι πεφθήσονται πρωτογενιμάτων τῷ κυρίῳ
- 18 Ansanm ak pen yo, pèp la va ofri sèt ti mouton ki poko gen ennan, yon jenn ti towò bèf ak de belye. Fòk tout bèt sa yo pa gen ankenn enfimite. Y'a boule yo nèt nan dife pou Seyè a, ansanm ak ofrann grenn jaden yo ak ofrann diven an. Bon sant ofrann sa a va fè Seyè a plezi.
 And with the bread, take seven lambs of the first year, without any marks, and one ox and two male sheep, to be a burned offering to the Lord, with their meal offering and their drink offerings, an offering of a sweet smell made by fire to the Lord.
 και προσάξετε μετὰ τῶν ἄρτων ἐπὶ ἀμνοὺς ἀμώμους ἐνιαυσίους και μόσχον ἓνα ἐκ βουκολίου και κριοὺς δύο ἀμώμους ἔσονται ὀλοκαύτωμα τῷ κυρίῳ και αἱ θυσίαι αὐτῶν και αἱ σπονδαὶ αὐτῶν θυσιαν ὁσμὴν εὐωδίας τῷ κυρίῳ
- 19 N'a touye tou yon bouk ki va sèvi ofrann pou peye pou tou sa nou fè ki mal, ak de ti mouton ki poko gen ennan ki va sèvi ofrann pou di Bondye mèsi.
 And you are to give one male goat for a sin-offering and two male lambs of the first year for peace-offerings.
 και ποιήσουσιν χίμαρον ἐξ αἰγῶν ἓνα περὶ ἁμαρτίας και δύο ἀμνοὺς ἐνιαυσίους εἰς θυσίαν σωτηρίου μετὰ τῶν ἄρτων τοῦ πρωτογενήματος
- 20 Prèt la va balanse pen yo ansanm ak de ti mouton yo tankou yon ofrann espesyal devan Seyè a. Ofrann sa yo se bagay ki apa nèt pou Seyè a. Se pou prèt yo yo ye.
 And these will be waved by the priest, with the bread of the first-fruits, for a wave offering to the Lord, with the two lambs: they will be holy to the Lord for the priest.
 και ἐπιθήσει αὐτὰ ὁ ἱερεὺς μετὰ τῶν ἄρτων τοῦ πρωτογενήματος ἐπιθεμα ἐναντι κυρίου μετὰ τῶν δύο ἀμνῶν ἅγια ἔσονται τῷ κυρίῳ τῷ ἱερεὶ τῷ προσφέροντι αὐτὰ αὐτῷ ἔσται
- 21 Jou sa a, n'a reyini pèp la pou l' adore Bondye. Pesonn p'ap fè gwo travay. Sa se regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an pitit, kote nou pase.
 And on the same day, let it be given out that there will be a holy meeting for you: you may do no field-work on that day: it is a rule for ever through all your generations wherever you are living.
 και καλέσετε ταύτην τὴν ἡμέραν κλητὴν ἁγία ἔσται ὑμῖν πᾶν ἔργον λατρευτὸν οὐ ποιήσετε ἐν αὐτῇ νόμιμον αἰώνιον εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν ἐν πάσῃ τῇ κατοικίᾳ ὑμῶν
- 22 Lè n'ap fè rekòt nan jaden nou, se pa pou nou ranmase grenn ki toupre lizyè jaden an, ni pou pa bezwen tounen dèyè pou ranmase grenn ki te tonbe atè. W'a kite yo pou moun peyi a ki pa genyen ak pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
 And when you get in the grain from your land, do not let all the grain at the edges of the field be cut, and do not take up the grain which has been dropped in the field; let that be for the poor, and for the man from another country: I am the Lord your God.
 και ὅταν θερίζητε τὸν θερισμὸν τῆς γῆς ὑμῶν οὐ συντελέσετε τὸ λοιπὸν τοῦ θερισμοῦ τοῦ ἀγροῦ σου ἐν τῷ θερίζειν σε και τὰ ἀποπίπτοντα τοῦ θερισμοῦ σου οὐ συλλέξεις τῷ πτωχῷ και τῷ προσηλύτῳ ὅπολειψη αὐτὰ ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 23 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
 And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 24 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo. Men sa pou ou di yo: Premye jou setyèm mwa a va yon gwo jou repo pou nou. Jou sa a n'a kònen twonpèt pou fè moun yo chonje se jou pou yo reyini pou adore Bondye.
 Say to the children of Israel, In the seventh month, on the first day of the month, let there be a special day of rest for you, a day of memory, marked by the blowing of horns, a meeting for worship.
 λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ λέγων τοῦ μηνὸς τοῦ ἑβδόμου μιᾶ τοῦ μηνὸς ἔσται ὑμῖν ἀνάπαυσις μνημόσυνον σαλπίγγων κλητὴ ἁγία ἔσται ὑμῖν
- 25 Piga nou fè gwo travay. N'a fè ofrann pou yo boule nan dife pou Seyè a.
 Do no field-work and give to the Lord an offering made by fire.
 πᾶν ἔργον λατρευτὸν οὐ ποιήσετε και προσάξετε ὀλοκαύτωμα κυρίῳ

- 26 Seyè a pale ak Moyiz, li di l':
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 27 -Dizyèm jou sètchèm mwa sa a, se gran jou padon an li ye. N'a reyini tout moun pou n' adore Bondye. N'a fè jèn epi n'a fè ofrann pou yo boule nan dife devan Seyè a.
The tenth day of this seventh month is the day for the taking away of sin; let it be a holy day of worship; you are to keep from pleasure, and give to the Lord an offering made by fire.
καὶ τῇ δεκάτῃ τοῦ μηνὸς τοῦ ἐβδόμου τούτου ἡμέρα ἐξίλασμοῦ κλητὴ ἅγια ἔσται ὑμῖν καὶ ταπεινώσετε τὰς ψυχὰς ὑμῶν καὶ προσάξετε ὀλοκαύτωμα τῷ κυρίῳ
- 28 Jou sa a, nou p'ap travay menm, paske se gran jou padon an, jou pou nou fè sèvis pou Seyè a, Bondye nou an, pou nou mande l' fè nou gras.
And on that day you may do no sort of work, for it is a day of taking away sin, to make you clean before the Lord your God.
πάν ἔργον οὐ ποιήσετε ἐν αὐτῇ τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ ἔστιν γὰρ ἡμέρα ἐξίλασμοῦ αὕτη ὑμῖν ἐξιλάσασθαι περὶ ὑμῶν ἔναντι κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν
- 29 Si yon moun mete anyen nan bouch li jou sa a, y'ap wete l' nan mitan pèp li a.
For any person, whoever he may be, who takes his pleasure on that day will be cut off from his people.
πάντα ψυχὴ ἣτις μὴ ταπεινωθήσεται ἐν αὐτῇ τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ ἐξολεθρευθήσεται ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῆς
- 30 Si yon moun travay jou sa a, se mwen menm, Seyè a, k'ap touye l'.
And if any person, whoever he may be, on that day does any sort of work, I will send destruction on him from among his people.
καὶ πάντα ψυχὴ ἣτις ποιήσει ἔργον ἐν αὐτῇ τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ ἀπολεῖται ἢ ψυχὴ ἐκεῖνη ἐκ τοῦ λαοῦ αὐτῆς
- 31 Nou pa pou fè anyen jou sa a. Sa se regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an pitit, kote nou pase.
You may not do any sort of work: this is an order for ever through all your generations wherever you may be living.
πάν ἔργον οὐ ποιήσετε νόμιμον αἰώνιον εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν ἐν πάσαις κατοικίαις ὑμῶν
- 32 Se va yon gwo jou repo, jou nou p'ap fè ankenn travay. Depi lè solèy kouche nan nevyèm jou mwa a jouk lè li kouche ankò dizyèm jou a, n'a rete san manje.
Let this be a Sabbath of special rest to you, and keep yourselves from all pleasure; on the ninth day of the month at nightfall from evening to evening, let this Sabbath be kept.
σάββατα σαββάτων ἔσται ὑμῖν καὶ ταπεινώσετε τὰς ψυχὰς ὑμῶν ἀπὸ ἑνάτης τοῦ μηνὸς ἀπὸ ἑσπέρας ἕως ἑσπέρας σαββατιεῖτε τὰ σάββατα ὑμῶν
- 33 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l':
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 34 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo konsa: N'a fete fèt joupa yo pandan sèt jou. N'a konmanse sou kenzyèm jou setyèm mwa a.
Say to the children of Israel, On the fifteenth day of this seventh month let the feast of tents be kept to the Lord for seven days.
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ λέγων τῇ πεντεκαίδεκάτῃ τοῦ μηνὸς τοῦ ἐβδόμου τούτου ἑορτὴ σκηνῶν ἑπτὰ ἡμέρας τῷ κυρίῳ
- 35 Premye jou a, n'a reyini tout moun pou adore Bondye. Pesonn p'ap fè gwo travay jou sa a.
On the first day there will be a holy meeting: do no field-work.
καὶ ἡμέρα ἡ πρώτη κλητὴ ἅγια πάν ἔργον λατρευτὸν οὐ ποιήσετε
- 36 Chak jou, pandan sèt jou, n'a boule ofrann nan dife pou Seyè a. Sou wityèm jou a, n'a reyini moun yo ankò pou adore Bondye, epi n'a boule ofrann nan dife pou Seyè a. Se va yon jou pou adore Bondye. Jou sa a, piga nou fè gwo travay.
Every day for seven days give an offering made by fire to the Lord; and on the eighth day there is to be a holy meeting, when you are to give an offering made by fire to the Lord; this is a special holy day: you may do no field-work on that day.
ἑπτὰ ἡμέρας προσάξετε ὀλοκαυτώματα τῷ κυρίῳ καὶ ἡμέρα ἡ ὀγδόη κλητὴ ἅγια ἔσται ὑμῖν καὶ προσάξετε ὀλοκαυτώματα τῷ κυρίῳ ἐξοδιὸν ἔστιν πάν ἔργον λατρευτὸν οὐ ποιήσετε
- 37 Men fèt pou nou fete pou Seyè a. Men jou n'a reyini tout moun pou yo fè sèvis pou Bondye. Men ofrann pou nou boule nan dife pou Seyè a, se ka bèt pou nou boule nèt, se ka ofrann grenn jaden, se ka bèt pou nou touye, se ka ofrann diven. Chak jou fèt gen ofrann pa li.
These are the fixed feasts of the Lord, to be kept by you as holy days of worship, for making an offering by fire to the Lord; a burned offering, a meal offering, an offering of beasts, and drink offerings; every one on its special day;
αὗται αἱ ἑορταὶ κυρίου ἃς καλέσετε κλητὰς ἁγίας ὥστε προσενέγκαι καρπώματα τῷ κυρίῳ ὀλοκαυτώματα καὶ θυσίας αὐτῶν καὶ σπονδὰς αὐτῶν τὸ καθ' ἡμέραν εἰς ἡμέραν
- 38 Apa tout jou repo Seyè yo, n'a fete fèt sa yo tou. Apa kado pou nou fè nòmalmann, apa ofrann n'ap fè paske nou te fè ve, apa ofrann n'ap fè pou Seyè a paske nou te vle fè l', n'a fè ofrann sa yo.
In addition to the Sabbaths of the Lord, and in addition to the things you give and the oaths you make and the free offerings to the Lord.
πλὴν τῶν σαββάτων κυρίου καὶ πλὴν τῶν δομάτων ὑμῶν καὶ πλὴν πασῶν τῶν εὐχῶν ὑμῶν καὶ πλὴν τῶν ἐκουσίων ὑμῶν ἃ ἂν δώτε τῷ κυρίῳ

- 39 Sou kenzyèm jou setyèm mwa a, n'a fè fèt pou Seyè a pandan sèt jou, apre n'a fin rekòlte jaden nou yo. Premye jou a ak wityèm jou a va de gwo jou repo.
But on the fifteenth day of the seventh month, when you have got in all the fruits of the land, you will keep the feast of the Lord for seven days: the first day will be a Sabbath, and the eighth day the same.
καὶ ἐν τῇ πεντεκαίδεκάτῃ ἡμέρᾳ τοῦ μηνὸς τοῦ ἑβδόμου τούτου ὅταν συντελέσητε τὰ γενήματα τῆς γῆς ἑορτάσετε τῷ κυρίῳ ἑπτὰ ἡμέρας τῇ ἡμέρᾳ τῇ πρώτῃ ἀνάπαυσις καὶ τῇ ἡμέρᾳ τῇ ὀγδόῃ ἀνάπαυσις
- 40 Premye jou a, n'a keyi pi bon fwi nan pye sitwon nou yo, n'a koupe fèy nan pye dat nou yo ak branch nan pye jasmen ak pye sikren, n'a fè kè nou kontan devan Seyè a, Bondye nou an, pandan sèt jou.
On the first day, take the fruit of fair trees, branches of palm-trees, and branches of thick trees and trees from the riverside, and be glad before the Lord for seven days.
καὶ λήμψεσθε τῇ ἡμέρᾳ τῇ πρώτῃ καρπὸν ξύλου ὄραϊον καὶ κάλλυνθρα φοινίκων καὶ κλάδους ξύλου δασεῖς καὶ ἰτέας καὶ ἄγνου κλάδους ἐκ χειμάρρου εὐφρανθήναι ἔναντι κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ἑπτὰ ἡμέρας
- 41 Chak lanne, pandan sèt jou nan setyèm mwa a, n'a fete fèt sa a pou mwen menm, Seyè a, Bondye nou an. Sa se yon regleman pou nou swiv tout tan, de pitit an pitit.
And let this feast be kept before the Lord for seven days in the year: it is a rule for ever from generation to generation; in the seventh month let it be kept.
τοῦ ἐνιαυτοῦ νόμιμον αἰώνιον εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν ἐν τῷ μηνὶ τῷ ἑβδόμῳ ἑορτάσετε αὐτήν
- 42 Pandan sèt jou tout moun pèp Izrayèl yo va rete anba joupa. Wi, n'a rete anba joupa pandan sèt jou.
For seven days you will be living in tents; all those who are Israelites by birth are to make tents their living-places:
ἐν σκηναῖς κατοικήσετε ἑπτὰ ἡμέρας πᾶς ὁ αὐτόχθων ἐν Ἰσραὴλ κατοικήσει ἐν σκηναῖς
- 43 Konsa, pitit pitit nou yo va konnen mwen menm, Seyè a, mwen te fè pèp Izrayèl rete anba joupa lè mwen te fè yo soti kite peyi Lejip la. Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an!
So that future generations may keep in mind how I gave the children of Israel tents as their living-places when I took them out of the land of Egypt: I am the Lord your God.
ὅπως ἴδωσιν αἱ γενεαὶ ὑμῶν ὅτι ἐν σκηναῖς κατόκισα τοὺς υἱοὺς Ἰσραὴλ ἐν τῷ ἔξαγαγεῖν με αὐτοὺς ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 44 Se konsa Moyiz te bay moun pèp Izrayèl yo tout kalite fèt pou yo fete pou Seyè a.
And Moses made clear to the children of Israel the orders about the fixed feasts of the Lord.
καὶ ἐλάλησεν μουσῆς τὰς ἑορτὰς κυρίου τοῖς υἱοῖς Ἰσραὴλ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Bay moun pèp Izrayèl yo lòd pou yo fè ou jwenn bon lwil fèt ak grenn oliv kraze pou gwo lanp sèt branch ki nan Tant Randevou a, pou lanp yo toujou ka rete limen.
Give orders to the children of Israel to give you clean olive oil for the light, so that a light may be burning at all times,
ἐντεταίη τοῖς υἱοῖς Ἰσραὴλ καὶ λαβέτωσάν μοι ἔλαιον ἐλάϊνον καθαρὸν κεκομμένον εἰς φῶς καῦσαι λύχον διὰ παντός
- 3 Chak aswè, Arawon va limen yo, l'a veye pou yo toujou rete limen jouk denmen maten devan Seyè a, sou deyò rido ki devan Bwat Kontra a nan Tant Randevou a. Sa se yon regleman pou yo kenbe pou tout tan, de pitit an pitit.
Outside the veil of the ark in the Tent of meeting; let Aaron see that it is burning from evening till morning at all times before the Lord: it is a rule for ever through all your generations.
ἔξωθεν τοῦ καταπετάσματος ἐν τῇ σκηνῇ τοῦ μαρτυρίου καύσουσιν αὐτὸν ααρων καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ ἀπὸ ἑσπέρας ἕως πρωῒ ἐνώπιον κυρίου ἐνδεδελεχῶς νόμιμον αἰώνιον εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν
- 4 Arawon va pran swen tout ti lanp ki sou gwo lanp sèt branch an lò a. L'a veye pou yo toujou rete limen devan Seyè a.
Let Aaron put the lights in order on the support before the Lord at all times.
ἐπὶ τῆς λυχνίας τῆς καθαρᾶς καύσετε τοὺς λύχνους ἔναντι κυρίου ἕως τὸ πρωῒ
- 5 W'a pran vennkat liv farin frans, w'a fè douz pen. Chak pen va fèt ak de liv farin.
And take the best meal and make twelve cakes of it, a fifth part of an ephah in every cake.
καὶ λήμψεσθε σμιδάλιον καὶ ποιήσετε αὐτήν δωδεκα ἄρτους δύο δεκάτων ἔσται ὁ ἄρτος ὁ εἷς
- 6 W'a mete pen yo sou de ran sou tab lò ki devan Seyè a, sis pen nan chak ran.
And put them in two lines, six in a line, on the holy table before the Lord.
καὶ ἐπιθήσετε αὐτοὺς δύο θέματα ἕξ ἄρτους τὸ ἐν θέμα ἐπὶ τὴν τράπεζαν τὴν καθαρὰν ἔναντι κυρίου
- 7 Apre sa, w'a pran lansan bon kalite, w'a mete sou chak ran pen yo. Se lansan sa a w'a ofri nan dife bay Seyè a tankou si se te pen yo menm ou te ofri.
And on the lines of cakes put clean sweet-smelling spices, for a sign on the bread, an offering made by fire to the Lord.
καὶ ἐπιθήσετε ἐπὶ τὸ θέμα λίβανον καθαρὸν καὶ ἄλα καὶ ἔσονται εἰς ἄρτους εἰς ἀνάμνησιν προκείμενα τῷ κυρίῳ

- 8 Se pou moun pèp Izrayèl yo pote pen chak jou repo, pou yo ofri bay Seyè a. Se bagay pou yo toujou fè dapre kontra Bondye a ki p'ap janm kase.
Every Sabbath day regularly, the priest is to put it in order before the Lord: it is offered for the children of Israel, an agreement made for ever.
τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων προθήσεται ἔναντι κυρίου διὰ παντὸς ἐνώπιον τῶν υἱῶν ἰσραὴλ διαθήκην αἰώνιον
- 9 Se pou Arawon ak pitit gason l' yo pen yo va ye. Y'a manje yo yon kote ki apa pou Seyè a, paske se yon pòsyon ki apa nèt pou Bondye nan manje yo ofri pou boule nan dife pou Seyè a. Se yon regleman ki la pou tout tan tout tan.
And it will be for Aaron and his sons; they are to take it for food in a holy place: it is the most holy of all the offerings made by fire to the Lord, a rule for ever.
καὶ ἔσται ααρων καὶ τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ καὶ φάγονται αὐτὰ ἐν τόπῳ ἁγίῳ ἔστιν γὰρ ἅγια τῶν ἁγίων τοῦτο αὐτῷ ἀπὸ τῶν θυσιαζομένων τῷ κυρίῳ νόμιμον αἰώνιον
- 10 ¶ Vwala te gen yon nonm, manman l' te moun pèp Izrayèl, men papa l' te moun peyi Lejip. Msye vin rive nan mitan pèp la, epi li pete yon kont nan kan an avèk yon moun pèp Izrayèl la.
And a son of an Israelite woman, whose father was an Egyptian, went out among the children of Israel and had a fight with a man of Israel by the tents;
καὶ ἐξῆλθεν υἱὸς γυναικὸς ἰσραηλῆτιδος καὶ οὗτος ἦν υἱὸς αἰγυπτίου ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐμαχέσαντο ἐν τῇ παρεμβολῇ ὁ ἐκ τῆς ἰσραηλίτιδος καὶ ὁ ἄνθρωπος ὁ ἰσραηλίτης
- 11 Manman nonm lan te rele Chelomit. Se te pitit fi Dibri, yon moun nan branch fanmi Dann lan. Pandan yo t'ap joure a, nonm lan nonmen non Bondye mal. Nan koze a, li derespekte Bondye. Se konsa yo pran l' mennen bay Moyiz.
And the son of the Israelite woman said evil against the holy Name, with curses; and they took him to Moses. His mother's name was Shelomith, the daughter of Dibri, of the tribe of Dan.
καὶ ἐπονιάσας ὁ υἱὸς τῆς γυναικὸς τῆς ἰσραηλίτιδος τὸ ὄνομα κατηράσατο καὶ ἤγαγον αὐτὸν πρὸς μουσῆν καὶ τὸ ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ σαλωμιθ θυγάτηρ δαβρι ἐκ τῆς φυλῆς δαν
- 12 Yo mete msye yon kote ak moun pou veye l', pandan Moyiz menm t'ap tann Seyè a vin di l' sa pou l' fè.
And they kept him shut up, till a decision might be given by the mouth of the Lord.
καὶ ἀπέθεντο αὐτὸν εἰς φυλακὴν διακρίναι αὐτὸν διὰ προστάγματος κυρίου
- 13 Seyè a di Moyiz konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 14 -Mennen nonm lan lòt bò limit kan an. Fè tout moun ki te tande l' lè li t'ap derespekte Bondye a mete men yo sou tèt li. Konsa, y'a ba l' pote reskonsablite sa l' fè a, epi tout pèp la va kalonnen msye wòch jouk li mouri.
Take the curser outside the tent-circle; and let all in whose hearing the words were said put their hands on his head, and let him be stoned by all the people.
ἐξάγαγε τὸν καταρασάμενον ἔξω τῆς παρεμβολῆς καὶ ἐπιθήσουσιν πάντες οἱ ἀκούσαντες τὰς χεῖρας αὐτῶν ἐπὶ τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ καὶ λιθοβολήσουσιν αὐτὸν πᾶσα ἡ συναγωγὴ
- 15 Apre sa, w'a pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo: Lè yon moun derespekte Bondye, se pou l' peye pou sa l' fè a.
And say to the children of Israel, As for any man cursing God, his sin will be on his head.
καὶ τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ λάλησον καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἄνθρωπος ὃς ἐὰν καταράσῃται θεὸν ἁμαρτίαν λήμψεται
- 16 Se pou yo touye l'. Wi, si yon moun peyi a osinon yon moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou derespekte Bondye, se pou yo touye l'. Tout moun nan peyi a va kalonnen l' wòch jouk li mouri.
And he who says evil against the name of the Lord will certainly be put to death; he will be stoned by all the people; the man who is not of your nation and one who is an Israelite by birth, whoever says evil against the holy Name is to be put to death.
ὀνομάζων δὲ τὸ ὄνομα κυρίου θανάτῳ θανατούσθω λίθοις λιθοβολεῖτω αὐτὸν πᾶσα συναγωγὴ ἰσραὴλ ἐὰν τε προσήλυτος ἐὰν τε αὐτόχθων ἐν τῷ ὀνομάσαι αὐτὸν τὸ ὄνομα κυρίου τελευτάτω
- 17 Depi yon moun touye yon lòt, se pou yo touye l' tou.
And anyone who takes another's life is certainly to be put to death.
καὶ ἄνθρωπος ὃς ἂν πατάξῃ ψυχὴν ἀνθρώπου καὶ ἀποθάνῃ θανάτῳ θανατούσθω
- 18 Si yon moun touye yon bèt ki pa pou li, se pou l' renmèt li. Prensip la vle kou pou kou, lavi pou lavi.
And anyone wounding a beast and causing its death, will have to make payment for it: a life for a life.
καὶ ὃς ἂν πατάξῃ κτήνος καὶ ἀποθάνῃ ἀποτεισάτω ψυχὴν ἀντὶ ψυχῆς
- 19 Si ou fè yon moun menm peyi avè ou mal, se pou yo fè ou menm bagay la tou.
And if a man does damage to his neighbour, as he has done, so let it be done to him;
καὶ ἐὰν τις δῶ μῶμον τῷ πλησίον ὡς ἐποίησεν αὐτῷ ὡσαύτως ἀντιποιηθήσεται αὐτῷ
- 20 Si ou kase yon zo nan kò l', y'a kase yon zo nan kò pa ou tou. Si ou pete yon grenn je l', y'a pete yon grenn je pa ou tou. Si ou kase yon dan nan bouch li, y'a kase yon dan nan bouch pa ou tou. Sa ou fè lòt la, se sa y'a fè ou tou.
Wound for wound, eye for eye, tooth for tooth; whatever damage he has done, so let it be done to him.
σντρίμμα ἀντὶ συντρίμματος ὀφθαλμὸν ἀντὶ ὀφθαλμοῦ ὀδόντα ἀντὶ ὀδόντος καθότι ἂν δῶ μῶμον τῷ ἀνθρώπῳ οὕτως δοθήσεται αὐτῷ

- 21 Si ou touye yon bèt ki pa pou ou, se pou ou renmèt li. Men, si se yon moun ou touye, y'ap touye ou tou.
He who puts a beast to death will have to make payment for it; he who puts a man to death will himself be put to death.
 ὅς ἂν πατάξῃ ἄνθρωπον καὶ ἀποθάνῃ θανάτῳ θανατούσθω
- 22 Menm jijman sa a va pou tout moun k'ap viv nan peyi a, kit se yon moun peyi a ki menm ras avè ou, kit se yon moun lòt nasyon, paske se mwen menm Seyè a ki Bondye nou an.
You are to have the same law for a man of another nation living among you as for an Israelite; for I am the Lord your God.
 δικαιοῦσις μία ἔσται τῷ προσηλύτῳ καὶ τῷ ἐγγωρίῳ ὅτι ἐγώ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 23 Moyiz pale ak moun pèp Izrayèl yo, epi yo pran nonm ki te nonmen non Bondye a mal la, yo mennen l' andeyò lòt bò limit kote tout moun rete a, epi yo kalonnen l' wòch jouk yo touye l'. Se konsa moun pèp Izrayèl yo te fè tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd fè a.
And Moses said these words to the children of Israel, and they took the man who had been cursing outside the tent-circle and had him stoned. The children of Israel did as the Lord gave orders to Moses.
 καὶ ἐλάλησεν μωυσῆς τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐξήγαγον τὸν καταρασάμενον ἔξω τῆς παρεμβολῆς καὶ ἐλιθοβόλησαν αὐτὸν ἐν λίθοις καὶ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐποίησαν καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μωυσῆ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz sou mòn Sinayi a, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses on Mount Sinai,
 καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μωυσῆν ἐν τῷ ὄρει σινα λέγων
- 2 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo pou mwen: Lè n'a antre nan peyi m'ap ban nou an, n'a bay tè a yon repo pou Seyè a.
Say to the children of Israel, When you come into the land which I will give you, let the land keep a Sabbath to the Lord.
 λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἐὰν εἰσελθῆτε εἰς τὴν γῆν ἣν ἐγὼ δίδωμι ὑμῖν καὶ ἀναπαύσεται ἡ γῆ ἣν ἐγὼ δίδωμι ὑμῖν σάββατα τῷ κυρίῳ
- 3 Pandan sizan n'a plante jaden nou, n'a taye pye rezen nou yo, epi n'a ranmase rekòt pandan sizan.
For six years put seed into your land, and for six years give care to your vines and get in the produce of them;
 ἔξ ἔτη σπερεῖς τὸν ἀγρὸν σου καὶ ἔξ ἔτη τεμεῖς τὴν ἄμπελόν σου καὶ συνάξεις τὸν καρπὸν αὐτῆς
- 4 Men, setyèm lanne a n'a kite tè a poze nèt. Se va yon gwo lanne repo pou tè a. Se va yon lanne n'a kite tè a pran repo pou Seyè a. Nou p'ap simen anyen nan jaden nou, ni nou p'ap taye pye rezen nou yo.
But let the seventh year be a Sabbath of rest for the land, a Sabbath to the Lord; do not put seed into your land or have your vines cut.
 τῷ δὲ ἔτει τῷ ἐβδόμῳ σάββατα ἀνάπαυσις ἔσται τῇ γῆ σάββατα τῷ κυρίῳ τὸν ἀγρὸν σου οὐ σπερεῖς καὶ τὴν ἄμπελόν σου οὐ τεμεῖς
- 5 Piga nou ranmase grenn ki pouse konsa nan jaden nou pou nou vann. Ni piga nou keyi rezen ki donnen nan pye rezen nou pa t' taye pou nou vann. Se va yon lanne repo nèt pou te a.
That which comes to growth of itself may not be cut, and the grapes of your uncared-for vines may not be taken off; let it be a year of rest for the land.
 καὶ τὰ αὐτόματα ἀναβαίνοντα τοῦ ἀγροῦ σου οὐκ ἐκθερίσεις καὶ τὴν σταφυλὴν τοῦ ἀγιάσματός σου οὐκ ἐκτρυνήσεις ἐνιαυτὸς ἀναπαύσεως ἔσται τῇ γῆ
- 6 Pandan tout lanne a tè a va rete san nou pa travay li. Men, sa l'a bay la va sèvi manje pou nou ak pou tout moun k'ap viv lakay nou, pou moun lòt nasyon ki fè ladesant lakay nou.
And the Sabbath of the land will give food for you and your man-servant and your woman-servant and those working for payment, and for those of another country who are living among you;
 καὶ ἔσται τὰ σάββατα τῆς γῆς βρώματά σοι καὶ τῷ παιδί σου καὶ τῇ παιδίσκῃ σου καὶ τῷ μισθωτῷ σου καὶ τῷ παροίκῳ τῷ προσκεκμημένῳ πρὸς σέ
- 7 Bèt domestik nou yo ak bèt bwa ki nan peyi a va manje nan sa tè a bay la tou.
And for your cattle and the beasts on the land; all the natural increase of the land will be for food.
 καὶ τοῖς κτήνεσίν σου καὶ τοῖς θηρίοις τοῖς ἐν τῇ γῆ σου ἔσται πᾶν τὸ γένημα αὐτοῦ εἰς βρώσιν
- 8 ¶ N'a konte sèt lanne Repo, ki vle di sèt fwa sèt lanne, sa va ban nou karantnèf lanne.
And let seven Sabbaths of years be numbered to you, seven times seven years; even the days of seven Sabbaths of years, that is forty-nine years;
 καὶ ἑξαριθμησεις σεαυτῷ ἐπὶ ἀναπαύσεις ἐτῶν ἐπὶ ἔτη ἐπτάκις καὶ ἔσονταί σοι ἐπὶ ἐβδομάδες ἐτῶν ἑννέα καὶ τεσσαράκοντα ἔτη
- 9 Sou dizyèm jou setyèm mwa a ki jou pou n' mande Bondye gras la, n'a fè kònen twonpèt nan tout peyi a.
Then let the loud horn be sounded far and wide on the tenth day of the seventh month; on the day of taking away sin let the horn be sounded through all your land.
 καὶ διαγγελεῖτε σάλπιγγος φωνῆ ἐν πάσῃ τῇ γῆ ὑμῶν τῷ μηνὶ τῷ ἐβδόμῳ τῇ δεκάτῃ τοῦ μηνός τῇ ἡμέρᾳ τοῦ Ἰλασμοῦ διαγγελεῖτε σάλπιγγι ἐν πάσῃ τῇ γῆ ὑμῶν
- 10 N'a mete senkantyèm lanne sa a apa pou Bondye, epi n'a bay lòd pou yo bay tout moun ki esklav nan peyi a libète yo pou tout lanne a. Se va yon lanne rejwisans pou tout moun. Lanne sa a, tou sa yo te vann anvan ap tounen pou anyen mèt yo ankò osinon pou eritye yo. Tout moun ki te esklav ap tounen lib lakay yo.
And let this fiftieth year be kept holy, and say publicly that everyone in the land is free from debt: it is the Jubilee, and every man may go back to his heritage and to his family.
 καὶ ἀγιάσετε τὸ ἔτος τὸ πεντηκοστὸν ἐνιαυτὸν καὶ διαβοήσετε ἄφεισιν ἐπὶ τῆς γῆς πᾶσιν τοῖς κατοικοῦσιν αὐτήν ἐνιαυτὸς ἀφέσεως σημασία αὕτη ἔσται ὑμῖν καὶ ἀπελεύσεται εἰς ἕκαστος εἰς τὴν κτήσιν αὐτοῦ καὶ ἕκαστος εἰς τὴν πατρίδα αὐτοῦ ἀπελεύσεται

- 11 Senkantyèm lanne sa a va yon lanne rejwisans pou tout moun: Nou p'ap simen anyen nan jaden nou yo, ni nou p'ap ranmase grenn ki pouse konsa nan jaden nou yo pou nou vann, ni nou p'ap keyi rezen ki donnen nan pye rezen nou pa t' taye pou nou vann.
Let this fiftieth year be the Jubilee: no seed may be planted, and that which comes to growth of itself may not be cut, and the grapes may not be taken from the uncared-for vines.
ἀφέσεως σημασία αὕτη τὸ ἔτος τὸ πεντηκοστὸν ἐνιαυτὸς ἔσται ὑμῖν οὐ σπερεῖτε οὐδὲ ἀμήσετε τὰ αὐτόματα ἀναβαίνοντα αὐτῆς καὶ οὐ τρυγήσετε τὰ ἡγιασμένα αὐτῆς
- 12 Paske se va yon lanne rejwisans, se va yon lanne n'a mete apa nèt pou Seyè a. Men n'a manje tou sa jaden nou pa t' plante yo bay.
For it is the Jubilee, and it is holy to you; your food will be the natural increase of the field.
ὅτι ἀφέσεως σημασία ἐστὶν ἅγιον ἔσται ὑμῖν ἀπὸ τῶν πεδίων φάγεσθε τὰ γενήματα αὐτῆς
- 13 Nan lanne rejwisans sa a, tout tè ki te vann ap tounen pou ansyen mèt yo ankò.
In this year of Jubilee, let every man go back to his heritage.
ἐν τῷ ἔτει τῆς ἀφέσεως σημασία αὐτῆς ἐπανελεύσεται ἕκαστος εἰς τὴν κτῆσιν αὐτοῦ
- 14 Konsa, si n'ap vann yon moun pèp Izrayèl parèy nou yon tè osinon si n'ap achte tè nan men l', piga nou fè koutay yonn sou do lòt.
And in the business of trading goods for money, do no wrong to one another.
ἐὰν δὲ ἀποδοῖ πρᾶσιν τῷ πλησίον σου ἐὰν καὶ κτήσῃ παρὰ τοῦ πλησίον σου μὴ θλιβέτω ἄνθρωπος τὸν πλησίον
- 15 Lè n'ap achte yon tè osinon lè w'ap vann yon tè, se pou nou kalkile pri a sou kantite lanne tè a ka travay anvan lanne rejwisans k'ap vini an rive.
Let your exchange of goods with your neighbours have relation to the number of years after the year of Jubilee, and the number of times the earth has given her produce.
κατὰ ἀριθμὸν ἐτῶν μετὰ τὴν σημασίαν κτήσῃ παρὰ τοῦ πλησίον κατὰ ἀριθμὸν ἐνιαυτῶν γενημάτων ἀποδώσεται σοι
- 16 Plis gen lanne anvan lanne rejwisans lan rive, se plis pri a va pi wo. Mwens gen lanne, se plis pri a va pi ba, paske se kantite lanne rekòt tè a ka bay la n'ap vann osinon n'ap achte.
If the number of years is great, the price will be increased, and if the number of years is small, the price will be less, for it is the produce of a certain number of years which the man is giving you.
καθότι ἂν πλεῖον τῶν ἐτῶν πληθύνῃ τὴν ἔγκτησιν αὐτοῦ καὶ καθότι ἂν ἔλαττον τῶν ἐτῶν ἐλαττωνώσῃ τὴν κτῆσιν αὐτοῦ ὅτι ἀριθμὸν γενημάτων αὐτοῦ οὕτως ἀποδώσεται σοι
- 17 Pa fè lajan sou do moun pèp Izrayèl parèy nou. Men, se pou nou gen krentif pou Bondye nou, paske se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an.
And do no wrong, one to another, but let the fear of your God be before you; for I am the Lord your God.
μὴ θλιβέτω ἄνθρωπος τὸν πλησίον καὶ φοβηθήσῃ κύριον τὸν θεόν σου ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν
- 18 Se pou nou swiv lòd mwen ban nou yo, se pou nou kenbe tout kòmandman m' yo. Se pou nou swiv yo, se konsa n'a kapab viv nan peyi a san nou pa bezwen pè anyen.
So keep my rules and my decisions and do them, and you will be safe in your land.
καὶ ποιήσετε πάντα τὰ δικαιώματά μου καὶ πάσας τὰς κρίσεις μου καὶ φυλάξασθε καὶ ποιήσετε αὐτὰ καὶ κατοικήσετε ἐπὶ τῆς γῆς πεποιθότες
- 19 Tè a va bay rekòt li, n'a manje kont nou, epi n'a viv nan peyi a ak kè poze.
And the land will give her fruit, and you will have food in full measure and be safe in the land.
καὶ δώσει ἡ γῆ τὰ ἐκφόρια αὐτῆς καὶ φάγεσθε εἰς πλησμονὴν καὶ κατοικήσετε πεποιθότες ἐπ' αὐτῆς
- 20 Men, gen moun ki va mande kisa y'a manje setyèm lanne a si yo pa plante, si yo pa ranmase rekòt.
And if you say, Where will our food come from in the seventh year, when we may not put in seed, or get in the increase
ἐὰν δὲ λέγητε τί φαγόμεθα ἐν τῷ ἔτει τῷ ἑβδόμῳ τούτῳ ἐὰν μὴ σπεύρωμεν μηδὲ συναγάγωμεν τὰ γενήματα ἡμῶν
- 21 Mwen menm, Seyè a, m'a voye benediksyon m' sou tè a pandan sizyèm lanne a pou l' ka donnen rekòt kantite pou twazan.
Then I will send my blessing on you in the sixth year, and the land will give fruit enough for three years.
καὶ ἀποστελῶ τὴν εὐλογίαν μου ὑμῖν ἐν τῷ ἔτει τῷ ἕκτῳ καὶ ποιήσει τὰ γενήματα αὐτῆς εἰς τὰ τρία ἔτη
- 22 Konsa, lè wityèm lanne a va rive pou nou plante jaden nou yo, n'a jwenn manje toujou nan ansyen rekòt sizyèm lanne a. N'a gen kont pou nou manje jouk nevyèm lanne a rive, lè n'a gen pou n' ranmase rekòt wityèm lanne sa a.
And in the eighth year you will put in your seed, and get your food from the old stores, till the fruit of the ninth year is ready.
καὶ σπερεῖτε τὸ ἔτος τὸ ὄγδοον καὶ φάγεσθε ἀπὸ τῶν γενημάτων παλαιὰ ἕως τοῦ ἔτους τοῦ ἐνάτου ἕως ἂν ἔλθῃ τὸ γένημα αὐτῆς φάγεσθε παλαιὰ παλαιῶν
- 23 ¶ Yon tè pa fèt pou vann pou tout tan, paske tè a pa pou nou, se pou mwen li ye. Nou menm, nou tankou moun lòt peyi ki rete lakay mwen: mwen ban nou dwa sèvi sou tè a.
No exchange of land may be for ever, for the land is mine, and you are as my guests, living with me for a time.
καὶ ἡ γῆ οὐ πραθήσεται εἰς βεβαίωσιν ἐμὴ γάρ ἐστιν ἡ γῆ διότι προσήλυτοι καὶ πάροικοι ὑμεῖς ἐστε ἐναντίον μου

- 24 Lè n'ap achte youn tè nan peyi nou an, se pou nou rekonèt dwa ansyen mèl tè a genyen pou l' rechte tè a ankò.
Wherever there is property in land, the owner is to have the right of getting it back.
καὶ κατὰ πάσαν γῆν κατασχέσεως ὑμῶν λύτρα δώσετε τῆς γῆς
- 25 Lè youn moun pèp Izrayèl parèy nou vin nan nesite, epi li blije vann pòsyon tè ki pou li a, fanmi ki pi pre l' la va rechte tè li te vann lan, paske se li ki gen dwa fè sa.
If your brother becomes poor, and has to give up some of his land for money, his nearest relation may come and get back that which his brother has given up.
ἐὰν δὲ πένηται ὁ ἀδελφός σου ὁ μετὰ σοῦ καὶ ἀποδώται ἀπὸ τῆς κατασχέσεως αὐτοῦ καὶ ἔλθῃ ὁ ἀγγιστεῶν ἐγγίζων ἐγγιστα αὐτοῦ καὶ λυτρώσεται τὴν πρᾶσιν τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ
- 26 Men, si youn nonm pa gen fanmi pre pou rechte tè a, epi apre kèk tan zafè l' vin bon ankò, l'a rechte tè a lè l'a gen kont lajan pou sa.
And if he has no one to get it back for him, and later he himself gets wealth and has enough money to get it back;
ἐὰν δὲ μὴ ᾗ τινι ὁ ἀγγιστεῶν καὶ εὐπορηθῆ τῇ χειρὶ καὶ εὐρεθῆ αὐτῷ τὸ ἱκανὸν λύτρα αὐτοῦ
- 27 L'a kalkile depi ki tan li te vann tè a, epi l'a renmèt moun ki te achte tè a nan men l' lan lajan ki koresponn ak kantite lanne ki rete anvan lanne rejwisans k'ap vini an, epi l'a reprann tè li.
Then let him take into account the years from the time when he gave it up, and make up the loss for the rest of the years to him who took it, and so get back his property.
καὶ συλλογιεῖται τὰ ἔτη τῆς πράσεως αὐτοῦ καὶ ἀποδώσει ὁ ὑπερέχει τῷ ἀνθρώπῳ ᾧ ἀπέδοτο ἑαυτὸν αὐτῷ καὶ ἀπελεύσεται εἰς τὴν κατάσχεσιν αὐτοῦ
- 28 Men, si li pa gen kont kòb pou rechte tè a, tè a va rete nan men moun ki te achte l' la jouk lanne rejwisans k'ap vini an. Lè sa a, tè a va tounen nan men ansyen mèl li ankò.
But if he is not able to get it back for himself, then it will be kept by him who gave a price for it, till the year of Jubilee; and in that year it will go back to its first owner and he will have his property again.
ἐὰν δὲ μὴ εὐπορηθῆ ἡ χεὶρ αὐτοῦ τὸ ἱκανὸν ὥστε ἀποδοῦναι αὐτῷ καὶ ἔσται ἡ πρᾶσις τῷ κτησαμένῳ αὐτὰ ἕως τοῦ ἕκτου ἔτους τῆς ἀφέσεως καὶ ἐξελεύσεται τῇ ἀφέσει καὶ ἀπελεύσεται εἰς τὴν κατάσχεσιν αὐτοῦ
- 29 Si youn nonm vann youn kay ki nan youn bouk ki gen ranpa, li gen youn lanne delè, depi dat li te vann kay la, pou l' rechte l' ankò. Pase youn lanne, li pèdi dwa a.
And if a man gives his house in a walled town for money, he has the right to get it back for the space of a full year after he has given it up.
ἐὰν δὲ τις ἀποδώται οἰκίαν οἰκητὴν ἐν πόλει τεταχισμένη καὶ ἔσται ἡ λύτρωσις αὐτῆς ἕως πληρωθῆ ἑνιαυτὸς ἡμερῶν ἔσται ἡ λύτρωσις αὐτῆς
- 30 Si li kite tout lanne a pase san li pa rechte kay la, kay la ap rete pou moun ki te achte l' la ak pou pitit pitit li yo. Yo p'ap renmèt li kay la lè lanne rejwisans la rive.
And if he does not get it back by the end of the year, then the house in the town will become the property of him who gave the money for it, and of his children for ever; it will not go from him in the year of Jubilee.
ἐὰν δὲ μὴ λυτρωθῆ ἕως ἂν πληρωθῆ αὐτῆς ἑνιαυτὸς ὅλος κυρωθήσεται ἡ οἰκία ἡ οὖσα ἐν πόλει τῇ ἐχούσῃ τεῖχος βεβαίως τῷ κτησαμένῳ αὐτὴν εἰς τὰς γενεὰς αὐτοῦ καὶ οὐκ ἐξελεύσεται ἐν τῇ ἀφέσει
- 31 Men, kay ki nan bouk kote ki pa gen ranpa, y'ap konsidere yo menm jan ak youn jaden. Ansyen mèl la gen dwa rechte l' ankò. Men, tout jan se pou yo renmèt li kay la, lè lanne rejwisans lan rive.
But houses in small unwallèd towns will be the same as property in the country; they may be got back, and they will go back to their owners in the year of Jubilee.
αἱ δὲ οἰκίαι αἱ ἐν ἐπαύλεσιν αἷς οὐκ ἔστιν ἐν αὐταῖς τεῖχος κύκλω πρὸς τὸν ἀγρὸν τῆς γῆς λογισθήτωσαν λυτρωταὶ διὰ παντὸς ἔσονται καὶ ἐν τῇ ἀφέσει ἐξελεύσονται
- 32 Moun Levi yo menm ap gen lavil pa yo apa. Youn moun Levi ap toujou gen dwa rechte kay ki te pou li nenpòt kilè.
But the houses in the towns of the Levites may be got back by the Levites at any time.
καὶ αἱ πόλεις τῶν λευιτῶν οἰκίαι τῶν πόλεων αὐτῶν κατασχέσεως λυτρωταὶ διὰ παντὸς ἔσονται τοῖς λευίταις
- 33 Si youn moun Levi rive vann youn kay ki nan lavil moun Levi yo, epi li pa rechte l', se pou yo renmèt li kay la lè lanne rejwisans lan rive, paske lè youn moun Levi gen youn kay nan mitan pèp la, kay la pou li nèl.
- 24 ¶ Se konsa Moyiz soti, li di pèp la tou sa Seyè a te di l'. Li pran swasanndis nan chèf fanmi pèp Izrayèl la, li mete yo kanpe fè wonn kay Bondye a.
And Moses went out and gave the people the words of the Lord: and he took seventy of the responsible men of the people, placing them round the Tent.
καὶ ἐξῆλθεν μουσῆς καὶ ἐλάλησεν πρὸς τὸν λαὸν τὰ ῥήματα κυρίου καὶ συνήγαγεν ἑβδομήκοντα ἄνδρας ἀπὸ τῶν πρεσβυτέρων τοῦ λαοῦ καὶ ἕστησεν αὐτοὺς κύκλῳ τῆς σκηνῆς
- 25 Seyè a desann nan yon nwaj, li pale ak Moyiz ankò. Apre sa, li pran ti gout nan lespri li te bay Moyiz la, li bay swasanndis chèf yo. Lè lespri a vin sou yo, yo tonbe pale tankou pwofèt yo sou tout kalite bagay. Apre sa, yo sispann.
Then the Lord came down in the cloud and had talk with him, and put on the seventy men some of the spirit which was on him: now when the spirit came to rest on them, they were like prophets, but only at that time.
καὶ κατέβη κύριος ἐν νεφέλῃ καὶ ἐλάλησεν πρὸς αὐτόν καὶ παρέλατο ἀπὸ τοῦ πνεύματος τοῦ ἐπ' αὐτῷ καὶ ἐπέθηκεν ἐπὶ τοὺς ἑβδομήκοντα ἄνδρας τοὺς πρεσβυτέρους ὡς δὲ ἐπανεπαύσατο τὸ πνεῦμα ἐπ' αὐτοὺς καὶ ἐπροφήτευσαν καὶ οὐκέτι προσέθεντο
- 26 Te gen de nan chèf fanmi yo te chwazi yo ki te rete nan kan an. Yo pa t' ale nan kay Bondye a. Yonn te rele Eldad, lòt la Medad. Lespri a te desann sou yo tou, yo t'ap pale pawòl Bondye a byen fò nan kan an.
But two men were still in the tent-circle one of them named Eldad and the other Medad: and the spirit came to rest on them; they were among those who had been sent for, but they had not gone out to the Tent: and the prophet's power came on them in the tent-circle.
καὶ κατελείφθησαν δύο ἄνδρες ἐν τῇ παρεμβολῇ ὄνομα τῷ ἐνὶ ελδαδ καὶ ὄνομα τῷ δευτέρῳ μωδαδ καὶ ἐπανεπαύσατο ἐπ' αὐτοὺς τὸ πνεῦμα καὶ οὗτοι ἦσαν τῶν καταγεγραμμένων καὶ οὐκ ἦλθον πρὸς τὴν σκηνὴν καὶ ἐπροφήτευσαν ἐν τῇ παρεμβολῇ
- 27 Yon jenn gason kouri al di Moyiz men Eldad ak Medad ap pale pawòl Bondye a byen fò nan kan an.
And a young man went running to Moses and said, Eldad and Medad are acting as prophets in the tent-circle.
καὶ προσδραμὼν ὁ νεανίσκος ἀπήγγελεν μουσῆ καὶ εἶπεν λέγων ελδαδ καὶ μωδαδ προφητεύουσιν ἐν τῇ παρεμβολῇ
- 28 Lè sa a Jozye, pitit gason Noun lan, ki te adjwen Moyiz nan tou sa l' t'ap fè depi li te jenn tibway, pran lapawòl, li pale ak Moyiz, li di l' konsa: -Msye Moyiz, fè yo sispann non!
Then Joshua, the son of Nun, who had been Moses' servant from the time when he was a child, said, My lord Moses, let them be stopped.
καὶ ἀποκριθεὶς ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυῆ ὁ παρεστηκὼς μουσῆ ὁ ἐκελεκτὸς εἶπεν κύριε μουσῆ κόλυσον αὐτούς
- 29 Moyiz reponn li: -Kouman? Ou gen lè w'ap fè jalouzi pou mwen? Pa pito Seyè a te mete lespri l' sou tout pèp la pou yo te ka pale tankou pwofèt!
And Moses said to him, Are you moved by envy on my account? If only all the Lord's people were prophets, and the Lord might put his spirit on them!
καὶ εἶπεν αὐτῷ μουσῆς μὴ ζηλοῖς σύ μοι καὶ τίς δόξῃ πάντα τὸν λαὸν κυρίου προφήτας ὅταν δῶ κύριος τὸ πνεῦμα αὐτοῦ ἐπ' αὐτούς
- 30 Apre sa, Moyiz tounen nan kan an ansanm ak swasanndis chèf fanmi yo.
Then Moses, with the responsible men of Israel, went back to the tent-circle.
καὶ ἀπῆλθεν μουσῆς εἰς τὴν παρεμβολὴν αὐτὸς καὶ οἱ πρεσβύτεροι ἰσραηλ
- 31 ¶ Apre sa, Seyè a fè yon sèl van soufle sot nan lanmè, li bwote yon bann zòtolan ki vin tonbe toupatou nan kan kote moun yo te rete a ak toutotou kan an. Yon moun ta gen dwa mache tout yon jounen nan nenpòt direksyon anvan pou l' ta kite kote zòtolan yo te tonbe a. Zòtolan yo te fè pil rive twa pye wotè sou tè a.
Then the Lord sent a wind, driving little birds from the sea, so that they came down on the tents, and all round the tent-circle, about a day's journey on this side and on that, in masses about two cubits high over the face of the earth.
καὶ πνεῦμα ἐξῆλθεν παρὰ κυρίου καὶ ἐξεπέρασεν ὀρνυγομήτραν ἀπὸ τῆς θαλάσσης καὶ ἐπέβαλεν ἐπὶ τὴν παρεμβολὴν ὁδὸν ἡμέρας ἐντεῦθεν καὶ ὁδὸν ἡμέρας ἐντεῦθεν κύκλῳ τῆς παρεμβολῆς ὥσει δὴ πηχὺ ἀπὸ τῆς γῆς
- 32 Pèp la pase tout jounen an, tout nwit la, ak tout jounen denmen an ap ranmase zòtolan. Sa ki te ranmase pi piti a te ranmase dis barik pou tèt pa l'. Yo blayi yo atè toupatou nan kan an pou mete yo cheche.
And all that day and all night and the day after, the people were taking up the birds; the smallest amount which anyone got was ten homers: and they put them out all round the tents.
καὶ ἀναστὰς ὁ λαὸς ὅλην τὴν ἡμέραν καὶ ὅλην τὴν νύκτα καὶ ὅλην τὴν ἡμέραν τὴν ἐπαύριον καὶ συνήγαγον τὴν ὀρνυγομήτραν ὃ τὸ ὀλίγον συνήγαγεν δέκα κόρους καὶ ἔψυξαν ἑαυτοῖς ψυγμοὺς κύκλῳ τῆς παρεμβολῆς
- 33 Yo te fèk konmanse manje vyann, lè Seyè a fè kòlè sou pèp la, li lage yon sèl epidemi sou yo pou pini yo.
But while the meat was still between their teeth, before it was tasted, the wrath of the Lord was moved against the people and he sent a great outburst of disease on them.
τὰ κρέα ἐτι ἦν ἐν τοῖς ὀδοῦσιν αὐτῶν πρὶν ἢ ἐκλείπειν καὶ κύριος ἐθιμώθη εἰς τὸν λαὸν καὶ ἐπάταξεν κύριος τὸν λαὸν πληγὴν μεγάλην σφόδρα

- 34 Yo rele kote sa a: Simityè Grangou, paske se la yo te antere tout moun nan pèp la ki t'ap plenyen pou vyann.
So that place was named Kibroth-hattaavah; because there they put in the earth the bodies of the people who had given way to their desires.
καὶ ἐκλήθη τὸ ὄνομα τοῦ τόπου ἐκείνου μνήματα τῆς ἐπιθυμίας ὅτι ἐκεῖ ἔθαψαν τὸν λαὸν τὸν ἐπιθυμητῆν
- 35 Apre sa, pèp la kite Simityè Grangou kote yo te ye a, yo pati pou Azewòt kote yo moute kay yo.
From Kibroth-hattaavah the people went on to Hazeroth; and there they put up their tents.
ἀπὸ μνημάτων ἐπιθυμίας ἐξῆρεν ὁ λαὸς εἰς ἀσηρωθ καὶ ἐγένετο ὁ λαὸς ἐν ἀσηρωθ
- 1 ¶ Moyiz te marye ak yon fanm peyi Etiopi. Miryam ak Arawon t'ap pale Moyiz mal sou sa.
Now Miriam and Aaron said evil against Moses, because of the Cushite woman to whom he was married, for he had taken a Cushite woman as his wife.
καὶ ἐλάλησεν μαριαμ καὶ ααρων κατὰ μουσῆ ἕνεκεν τῆς γυναικὸς τῆς αἰθιοπίσσης ἣν ἔλαβεν μουσῆς ὅτι γυναῖκα αἰθιοπίσσαν ἔλαβεν
- 2 Yo t'ap di konsa: -Eske se sèlman Moyiz Seyè a te pran pou pale ak pèp la? Eske li pa konn pale ak nou pou pèp la tou? Seyè a tande sa yo t'ap di a.
And they said, Have the words of the Lord been given to Moses only? have they not come to us? And the Lord took note of it.
καὶ εἶπαν μὴ μουσῆ μόνῳ λελάληκεν κύριος οὐχὶ καὶ ἡμῖν ἐλάλησεν καὶ ἤκουσεν κύριος
- 3 Men Moyiz se yon nonm ki pa t' grandizè. pa t' gen pase l' sou latè.
Now the man Moses was more gentle than any other man on earth.
καὶ ὁ ἄνθρωπος μουσῆς πραϋς σφόδρα παρὰ πάντας τοὺς ἀνθρώπους τοὺς ὄντας ἐπὶ τῆς γῆς
- 4 ¶ Seyè a rete konsa li pale ak Moyiz, Arawon ak Miryam, li di yo: -Nou twa sa yo, soti non. Ale nan Tant Randevou a. Yo twa a ale vre.
And suddenly the Lord said to Moses and Aaron and Miriam, Come out, you three, to the Tent of meeting. And the three of them went out.
καὶ εἶπεν κύριος παραχρῆμα πρὸς μουσῆν καὶ μαριαμ καὶ ααρων ἐξέλθατε ὑμεῖς οἱ τρεῖς εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου καὶ ἐξῆλθον οἱ τρεῖς εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου
- 5 Seyè a desann nan yon gwo nwaj ki te gen fòm yon pote. Li kanpe nan papòt tant lan, li rele Arawon ak Miryam ki pwoche vin jwenn li.
And the Lord came down in a pillar of cloud, taking his place at the door of the Tent, and made Aaron and Miriam come before him.
καὶ κατέβη κύριος ἐν στύλῳ νεφέλης καὶ ἔστη ἐπὶ τῆς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἐκλήθησαν ααρων καὶ μαριαμ καὶ ἐξῆλθον ἀμφοτέροι
- 6 Li di yo konsa: -Tande byen sa m'ap di nou la a. Lè gen yon pwofèt nan mitan nou, se nan vizyon mwen fè l' wè mwen, se nan rèv mwen pale avè l'.
And he said, Now give ear to my words: if there is a prophet among you I will give him knowledge of myself in a vision and will let my words come to him in a dream.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς ἀκούσατε τῶν λόγων μου ἐὰν γένηται προφήτης ὑμῶν κυρίῳ ἐν ὄραματι αὐτῷ γνωσθήσομαι καὶ ἐν ὕπνῳ λαλήσω αὐτῷ
- 7 Men, se pa menm bagay la ak Moyiz, sèvitè m' lan. Li se sèl moun mwen fè konfyans nan mitan tout pèp la.
My servant Moses is not so; he is true to me in all my house:
οὐχ οὕτως ὁ θεράπων μου μουσῆς ἐν ὅλῳ τῷ οἴκῳ μου πιστός ἐστιν
- 8 Mwen pale avè l' aklè, mwen pa ba li parabol. Mwen fè l' wè mwen. Ki jan nou fè penmèt nou pale Moyiz, sèvitè m' lan, mal?
With him I will have talk mouth to mouth, openly and not in dark sayings; and with his eyes he will see the form of the Lord: why then had you no fear of saying evil against my servant Moses?
στόμα κατὰ στόμα λαλήσω αὐτῷ ἐν εἶδει καὶ οὐ δι' αἰνιγμάτων καὶ τὴν δόξαν κυρίου εἶδεν καὶ διὰ τί οὐκ ἐφοβήθητε καταλαλῆσαι κατὰ τοῦ θεράποντός μου μουσῆ
- 9 Seyè a te fè yon sèl fache sou yo, epi l' ale.
And burning with wrath against them, the Lord went away.
καὶ ὀργή θυμοῦ κυρίου ἐπ' αὐτοῖς καὶ ἀπῆλθεν
- 10 ¶ Nwaj la leve anwo tant lan, l' ale. Menm lè a, yon sèl maladi tonbe sou Miryam: tout po kò l' vin blanch kou koton. Arawon gade Miryam, li wè Miryam te kouvri ak bouton sou tout po li.
And the cloud was moved from over the Tent; and straight away Miriam became a leper, as white as snow: and Aaron, looking at Miriam, saw that she was a leper.
καὶ ἡ νεφέλη ἀπέστη ἀπὸ τῆς σκηνῆς καὶ ἰδοὺ μαριαμ λεπρῶσα ὡσεὶ χιών καὶ ἐπέβλεψεν ααρων ἐπὶ μαριαμ καὶ ἰδοὺ λεπρῶσα
- 11 Arawon di Moyiz konsa: -Tanpri, mèt mwen. Pa kite nou peye pou sa nou fè a. Tèt nou pa t' la!
Then Aaron said to Moses, O my lord, let not our sin be on our heads, for we have done foolishly and are sinners.
καὶ εἶπεν ααρων πρὸς μουσῆν δέομαι κύριε μὴ συνεπιθῆ ἡμῖν ἀμαρτίαν διότι ἠγνοήσαμεν καθότι ἡμάρτομεν
- 12 Tanpri, pa kite Miryam tounen tankou yon tibebe ki fèt tou mouri ak tout mwatye nan kò l' manje.
Let her not be as one dead, whose flesh is half wasted when he comes out from the body of his mother.
μὴ γένηται ὡσεὶ ἴσον θανάτῳ ὡσεὶ ἔκτρομα ἔκπορευόμενον ἐκ μήτρας μητρὸς καὶ κατεσθίει τὸ ἥμισυ τῶν σαρκῶν αὐτῆς

- 13 Se konsa, Moyiz rele nan pye Bondye, li di l' konsa: -Bondye, tanpri, geri l' non!
 And Moses, crying to the Lord, said, Let my prayer come before you, O God, and make her well.
 και ἐβόησεν μουσῆς πρὸς κύριον λέγων ὁ θεὸς δέομαί σου ἴασαι αὐτήν
- 14 Men, Seyè a di Moyiz: -Si se te papa l' ki te krache nan figi l', li t'ap blije pote wont la pandan sèt jou, pa vre? Enben, se pou yo fèmen l' pou kont li pandan sèt jou yon kote andeyò limit kan an.
 Apre sa, y'a kite l' tounen.
 And the Lord said to Moses, If her father had put a mark of shame on her, would she not be shamed for seven days? Let her be shut up outside the tent-circle for seven days, and after that she may come in again.
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν εἰ ὁ πατὴρ αὐτῆς πτύων ἐνέπτυσεν εἰς τὸ πρόσωπον αὐτῆς οὐκ ἐντραπήσεται ἐπτά ἡμέρας ἀφορισθήτω ἐπτά ἡμέρας ἔξω τῆς παρεμβολῆς και μετὰ ταῦτα εἰσελεύσεται
- 15 Yo fèmen Miryam pou kont li pandan sèt jou yon kote andeyò limit kan an. Pèp la pa t' leve pati toutotan yo pa t' kite Miryam tounen nan kan an ankò.
 So Miriam was shut up outside the tent-circle for seven days: and the people did not go forward on their journey till Miriam had come in again.
 και ἀφορίσθη μαριαμ ἔξω τῆς παρεμβολῆς ἐπτά ἡμέρας και ὁ λαὸς οὐκ ἐξῆρεν ἕως ἐκαθαρίσθη μαριαμ
- 16 Apre sa, pèp la kite Azewòt kote yo te ye a, yo pati al moule tant yo nan dezè Paran an.
 After that, the people went on from Hazeroth and put up their tents in the waste land of Paran.
 και μετὰ ταῦτα ἐξῆρεν ὁ λαὸς ἐξ ἀσηρωθ και παρενέβαλον ἐν τῇ ἐρήμῳ τοῦ φαραν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
 And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Ou pral chwazi douz nan chèf fanmi pèp Izrayèl yo, yonn pou chak branch fanmi. Ou pral voye yo pou y' al wè ki jan peyi Kanaran an ye, peyi m'ap bay moun Izrayèl yo.
 Send men to get knowledge about the land of Canaan, which I am giving to the children of Israel; from every tribe of their fathers you are to send a man, every one a chief among them.
 ἀποστείλον σεαυτῷ ἄνδρας και κατασκευάσωσαν τὴν γῆν τῶν χαναναίων ἣν ἐγὼ δίδωμι τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ εἰς κατάσχεσιν ἄνδρα ἓνα κατὰ φυλὴν κατὰ δῆμους πατριῶν αὐτῶν ἀποστελεῖς αὐτούς πάντα ἀρχηγὸν ἐξ αὐτῶν
- 3 Dapre lòd Moyiz te resevwa nan men Seyè a, li pran douz gason ki te chèf fanmi nan pèp Izrayèl la. Antan li te nan dezè Paran an, li voye yo al rekonèt peyi a.
 And Moses sent them from the waste land of Paran as the Lord gave orders, all of them men who were heads of the children of Israel.
 και ἐξαπέστειλεν αὐτούς μουσῆς ἐκ τῆς ἐρήμου φαραν διὰ φωνῆς κυρίου πάντες ἄνδρες ἀρχηγοὶ υἱῶν ἰσραηλ οὗτοι
- 4 Men non yo: Pou branch Woubenn lan, se te Chamwa, pitit gason Zakou a.
 And these were their names: of the tribe of Reuben, Shammua, the son of Zaccur.
 και ταῦτα τὰ ὀνόματα αὐτῶν τῆς φυλῆς ρουβην σαλαμηλ υἱὸς ζακκουρ
- 5 Pou branch fanmi Simeyon an, se te Chafa, pitit gason Ori a.
 Of the tribe of Simeon, Shaphat, the son of Hori.
 τῆς φυλῆς σιμεων σαφατ υἱὸς σουρι
- 6 Pou branch fanmi Jida a, se te Kalèb, pitit gason Jefoune a.
 Of the tribe of Judah, Caleb, the son of Jephunneh.
 τῆς φυλῆς ἰουδα χαλεβ υἱὸς ἰεφοννη
- 7 Pou branch fanmi Isaka a, se te Jigal, pitit gason Jozèf la.
 Of the tribe of Issachar, Igal, the son of Joseph.
 τῆς φυλῆς ἰσσαχαρ ἰγαλ υἱὸς ἰωσηφ
- 8 Pou branch fanmi Efrayim lan, se te Oze, pitit gason Noun lan.
 Of the tribe of Ephraim, Hoshea, the son of Nun.
 τῆς φυλῆς εφραιμ ουση υἱὸς νουη
- 9 Pou branch fanmi Benjamen an, se te Palti, pitit gason Rafou a.
 Of the tribe of Benjamin, Palti, the son of Raphu.
 τῆς φυλῆς βενιαμιν φαλτι υἱὸς ραφου

- 10 Pou branch fanmi Zablon an, se te Gadiyèl, pitit gason Sodi a.
Of the tribe of Zebulun, Gaddiel, the son of Sodi.
τῆς φυλῆς ζαβουλων γουδιηλ υἱὸς σουδι
- 11 Pou branch fanmi Jozèf la, nan branch Manase a, se te Gadi, pitit gason Souzi a.
Of the tribe of Joseph, that is of the family of Manasseh, Gaddi, the son of Susi.
τῆς φυλῆς ιωσηφ τῶν υἱῶν μανασση γαδδι υἱὸς σουσι
- 12 Pou branch fanmi Dann lan, se te Amiyèl, pitit gason Jemali a.
Of the tribe of Dan, Ammiel, the son of Gemalli.
τῆς φυλῆς δαν αμμηλ υἱὸς γαμαλι
- 13 Pou branch fanmi Asè a, se te Setou, pitit gason Mikayèl la.
Of the tribe of Asher, Sethur, the son of Michael
τῆς φυλῆς ασηρ σαθουρ υἱὸς μιχαηλ
- 14 Pou branch fanmi Neftali a, se te Nakbi, pitit gason Wopsi a.
Of the tribe of Naphtali, Nahbi, the son of Vophsi.
τῆς φυλῆς νεφθαλι ναβι υἱὸς ιαβι
- 15 Pou branch fanmi Gad la, se te Geouyèl, pitit gason Maki a.
Of the tribe of Gad, Gevel, the son of Machi.
τῆς φυλῆς γαδ γουδιηλ υἱὸς μακχι
- 16 Se te non douz mesye Moyiz te voye al rekonèt peyi Kanaran an. Moyiz te chanje non Oze, pitit gason Noun lan, li rele l' Jozye.
These are the names of the men whom Moses sent to get knowledge about the land. And Moses gave to Hoshea, the son of Nun, the name of Joshua.
ταῦτα τὰ ὀνόματα τῶν ἀνδρῶν οὓς ἀπέστειλεν μουσῆς κατασκέψασθαι τὴν γῆν καὶ ἐπωνόμασεν μουσῆς τὸν αὐση υἱὸν ναυη ἰησοῦν
- 17 Lè Moyiz voye yo ale nan peyi Kanaran an, li di yo: -Moute nan peyi a. N'a pase pa Negèn la, n'a pran chemen mòn pou nou.
So Moses sent them to have a look at the land of Canaan, and said to them, Go up into the South and into the hill-country;
καὶ ἀπέστειλεν αὐτοὺς μουσῆς κατασκέψασθαι τὴν γῆν χανααν καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς ἀνάβητε ταύτη τῇ ἐρήμῳ καὶ ἀναβήσεσθε εἰς τὸ ὄρος
- 18 Ale gade peyi a. Chache konnen ki jan li ye, ki kalite moun ki rete ladan l', konbe yo ye, ak ki fòs yo.
And see what the land is like; and if the people living in it are strong or feeble, small or great in number;
καὶ ὄψεσθε τὴν γῆν τίς ἐστὶν καὶ τὸν λαὸν τὸν ἐγκαθήμενον ἐπ' αὐτῆς εἰ ἰσχυρότερός ἐστὶν ἢ ἀσθενής εἰ ὀλίγοι εἰσὶν ἢ πολλοί
- 19 Chache konnen si tè a se yon bon tè osinon yon move tè, si moun yo rete nan lavil ki gen ranpa pou pwoteje yo osinon nan kan anba tant twal.
And what sort of land they are living in, if it is good or bad; and what their living-places are, tent-circles or walled towns;
καὶ τίς ἡ γῆ εἰς ἣν οὗτοι ἐγκαθίηται ἐπ' αὐτῆς εἰ καλή ἐστὶν ἢ πονηρά καὶ τίνες αἱ πόλεις εἰς ἃς οὗτοι κατοικοῦσιν ἐν αὐταῖς εἰ ἐν τειχίρεσιν ἢ ἐν ἀτειχίστοις
- 20 Chache konnen si peyi a rich osinon pòn, si gen anpil pyebwa sou tè a ou si pa genyen. Nou pa bezwen pè anyen. Lè n'ap tounen, pote kèk nan fwi ki donnen laba a. Se te sezon rezen te konmanse ap mi.
And if the land is fertile or poor, and if there is wood in it or not. And be of good heart, and come back with some of the produce of the land. Now it was the time when the first grapes were ready.
καὶ τίς ἡ γῆ εἰ πῶν ἢ παρειμένη εἰ ἐστὶν ἐν αὐτῇ δένδρα ἢ οὐ καὶ προσκαρτερήσαντες λήμψεσθε ἀπὸ τῶν καρπῶν τῆς γῆς καὶ αἱ ἡμέραι ἡμέραι ἔαρος πρόδρομοι σταφυλῆς
- 21 ¶ Se konsa mesye yo moute, y' al chache konnen tout bagay ki gen nan peyi a, depi dezè Zin ki nan sid peyi a rive jouk Reyòb toupre pas Amat la, nan nò.
So they went up and got a view of the land, from the waste land of Zin to Rehob, on the way to Hamath.
καὶ ἀναβάντες κατεσκέψαντο τὴν γῆν ἀπὸ τῆς ἐρήμου σιν ἕως ρααβ εἰσπορευομένων εφραθ
- 22 Yo travèsè zòn Negèn la, yo rive lavil Ebwon kote moun Ayiman yo, moun Chechayì yo ak moun Talmayì yo rete. Yo tout te fè pati ras moun Anak yo. Ebwon sa a, se yon lavil ki te bati sètan anvan yo te bati lavil Zoan nan peyi Lejip.
They went up into the South and came to Hebron; and Ahiman and Sheshai and Talmai, the children of Anak, were living there. (Now the building of Hebron took place seven years before that of Zoan in Egypt.)
καὶ ἀνέβησαν κατὰ τὴν ἐρημον καὶ ἦλθον ἕως χεβρων καὶ ἐκεῖ αχιμαν καὶ σεσαι καὶ θελαμιν γενεαὶ εναχ καὶ χεβρων ἑπτὰ ἔτεσιν ὀκοδομήθη πρὸ τοῦ τάνιν αἰγύπτου

- 23 Yo rive nan ravin Echklòl, yo koupe yon branch rezen ki te gen yon sèl gwo grap rezen nan li. Yo mete l' sou yon gòl pou de moun te ka pote l' sou zepòl yo, si tèlman li te lou. Yo pote grenad ak fig frans tou.
And they came to the valley of Eshcol, and cutting down a vine-branch with its grapes, two of them took it on a rod between them; and they took some pomegranates and figs.
καὶ ἦλθοσαν ἕως φάραγγος βότρυος καὶ κατεσκέψαντο αὐτήν καὶ ἔκοψαν ἐκεῖθεν κλήμα καὶ βότρυν σταφυλῆς ἕνα ἐπ' αὐτοῦ καὶ ἦραν αὐτὸν ἐπ' ἀναφορεῦσιν καὶ ἀπὸ τῶν ρόων καὶ ἀπὸ τῶν συκῶν
- 24 Yo rele kote sa a Ravin Echklòl, poutèt gwo grap rezen moun pèp Izrayèl yo te koupe la a.
That place was named the valley of Eshcol because of the grapes which the children of Israel took from there.
τὸν τόπον ἐκεῖνον ἐπωνόμασαν φάραγξ βότρυος διὰ τὸν βότρυν ὃν ἔκοψαν ἐκεῖθεν οἱ υἱοὶ Ἰσραηλ
- 25 Apre karant jou, lè yo fin vizite toupatou nan peyi a, yo tounen,
At the end of forty days they came back from viewing the land.
καὶ ἀπέστρεψαν ἐκεῖθεν κατασκευάμενοι τὴν γῆν μετὰ τεσσαράκοντα ἡμέρας
- 26 ¶ yo vin jwenn Moyiz, Arawon ak tout moun pèp Izrayèl yo Kadès, nan dezè Paran an. Yo detaye ba yo tou sa yo te wè, yo moutre yo fwi yo te pote yo.
And they came back to Moses and Aaron and all the children of Israel, to Kadesh in the waste land of Paran; and gave an account to them and to all the people and let them see the produce of the land.
καὶ πορευθέντες ἦλθον πρὸς μωυσῆν καὶ ααρων καὶ πρὸς πᾶσαν συναγωγὴν υἱῶν Ἰσραηλ εἰς τὴν ἔρημον φαραν καθῆς καὶ ἀπεκρίθησαν αὐτοῖς ῥῆμα καὶ πάσῃ τῇ συναγωγῇ καὶ ἔδειξαν τὸν καρπὸν τῆς γῆς
- 27 Yo di Moyiz konsa: -Nou vizite toupatou nan peyi ou te voye nou al chache konnen an. Se yon peyi ki rich anpil, kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo. Se vre wi. Gade fwi nou jwenn ladan l'.
And they said, We came to the land where you sent us, and truly it is flowing with milk and honey; and here is some of the produce of it.
καὶ διηγήσαντο αὐτῷ καὶ εἶπαν ἦλθαμεν εἰς τὴν γῆν εἰς ἣν ἀπέστειλας ἡμᾶς γῆν ῥέουσαν γάλα καὶ μέλι καὶ οὗτος ὁ καρπὸς αὐτῆς
- 28 Men, moun ki rete nan peyi a gwonèg anpil. Lavil yo gran, yo byen pwoteje. Sa ki pi rès nou wè yon kalite ras moun gwonèg bèl wotè.
But the people living in the land are strong, and the towns are walled and very great; further, we saw the children of Anak there.
ἀλλ' ἢ ὅτι θρασὺ τὸ ἔθνος τὸ κατοικοῦν ἐπ' αὐτῆς καὶ αἱ πόλεις ὄχυραὶ τετειχισμέναι καὶ μεγάλαι σφόδρα καὶ τὴν γενεὴν ἐναχ' ἐωράκαμεν ἐκεῖ
- 29 Moun Amalèk yo rete nan sid peyi a, nan zòn Negèv la. Moun It yo, moun Jebis yo ak moun Amon yo rete nan mòn yo. Moun Kanaran yo rete bò lanmè Mediterane a ak bò larivyè Jouden an.
And the Amalekites are in the South; and the Hittites and the Jebusites and the Amorites are living in the hill-country; and the Canaanites by the sea and by the side of Jordan.
καὶ αμαληκ κατοικεῖ ἐν τῇ γῇ τῇ πρὸς νότον καὶ ὁ χετταῖος καὶ ὁ εὐαῖος καὶ ὁ ιεβουσαῖος καὶ ὁ αμορραῖος κατοικεῖ ἐν τῇ ὄρεινῃ καὶ ὁ χαναναῖος κατοικεῖ παρὰ θάλασσαν καὶ παρὰ τὸν ἰορδάνην ποταμὸν
- 30 Kalèb fè moun yo sispann bougonnen sou do Moyiz, li di yo konsa: -Ann moute koulye a. Ann al pran peyi a pou nou. Pa gen anyen la a nou pa ka fè!
Then Caleb made signs to the people to keep quiet, and said to Moses, Let us go up straight away and take this land; for we are well able to overcome it.
καὶ κατεσιώπησεν χαλεβ τὸν λαὸν πρὸς μωυσῆν καὶ εἶπεν αὐτῷ οὐχὶ ἀλλὰ ἀναβάντες ἀναβησόμεθα καὶ κατακληρονομήσομεν αὐτήν ὅτι δυνατοὶ δυνησόμεθα πρὸς αὐτούς
- 31 Men mesye ki te moute ansanm ak Kalèb yo di konsa: -Non. Nou pa ka al atake moun sa yo. Yo pi fò pase nou.
But the men who had gone up with him said, We are not able to go up against the people, for they are stronger than we.
καὶ οἱ ἄνθρωποι οἱ συναναβάντες μετ' αὐτοῦ εἶπαν οὐκ ἀναβαίνομεν ὅτι οὐ μὴ δυνόμεθα ἀναβῆναι πρὸς τὸ ἔθνος ὅτι ἰσχυρότερόν ἐστιν ἡμῶν μᾶλλον
- 32 Se konsa yo pran pale sou peyi yo te al vizite a devan pèp Izrayèl la. Yo t'ap di: -Peyi nou ta l' vizite a, peyi nou ta l' chache konnen an, se yon peyi ki pa menm bay kont manje pou moun k'ap viv sou li yo. Epi, tout moun nou wè la se moun ki wo anpil.
And they gave the children of Israel a bad account of the land they had been to see, saying, This land through which we went is a land causing destruction to those living in it; and all the people we saw there are men of more than common size.
καὶ ἐξήνεγκαν ἕκστασιν τῆς γῆς ἣν κατεσκέψαντο αὐτὴν πρὸς τοὺς υἱοὺς Ἰσραηλ λέγοντες τὴν γῆν ἣν παρήλθομεν αὐτὴν κατασκέψασθαι γῆ κατέσθουσα τοὺς κατοικοῦντας ἐπ' αὐτῆς ἐστὶν πᾶς ὁ λαὸς ὃν ἐωράκαμεν ἐν αὐτῇ ἄνδρες ὑπερμῆκεις
- 33 Sa ki pi rès, nou wè yon kalite gwonèg bèl wotè, moun ras Anak yo. Devan moun sa yo se krebete nou ye, tèlman nou pitè. Se konsa nou te santi nou devan yo.
There we saw those great men, the sons of Anak, offspring of the Nephilim: and we seemed to ourselves no more than insects, and so we seemed to them.
καὶ ἐκεῖ ἐωράκαμεν τοὺς γίγαντας καὶ ἡμεν ἐνώπιον αὐτῶν ὡσεὶ ἀκρίδες ἀλλὰ καὶ οὗτος ἡμεν ἐνώπιον αὐτῶν
- 1 ¶ Lè sa a, pèp la pran rele byen fò, yo pase tout nwit la ap kriye san rete.
Then all the people gave load cries of grief, and all that night they gave themselves up to weeping.
καὶ ἀναλαβοῦσα πᾶσα ἡ συναγωγὴ ἔδωκεν φωνήν καὶ ἔκλαιεν ὁ λαὸς ὅλην τὴν νύκτα ἐκείνην

- 2 Yo tout t'ap bougonnen sou Moyiz ak Arawon. Yo vin di yo konsa: -Pito nou te mouri nan peyi Lejip osinon nan dezè a!
And all the children of Israel, crying out against Moses and Aaron, said, If only we had come to our death in the land of Egypt, or even in this waste land!
 και διεγόγγυζον ἐπὶ μουσῆν και ααρων πάντες οἱ υἱοὶ ἰσραηλ και εἶπαν πρὸς αὐτοὺς πᾶσα ἡ συναγωγὴ ὄφελον ἀπεθάνομεν ἐν γῆ αἰγύπτω ἢ ἐν τῇ ἐρήμῳ ταύτῃ εἰ ἀπεθάνομεν
- 3 Poukisa Seyè a mennen nou nan peyi sa a? Koulye a, yo pral touye nou nan lagè, yo pral pran madanm ak pitit nou yo fè yo tounen esklav. Pa pito nou tounen nan peyi Lejip?
Why is the Lord taking us into this land to come to our death by the sword? Our wives and our little ones will get into strange hands: would it not be better for us to go back to Egypt?
 και ἵνα τί κύριος εἰσάγει ἡμᾶς εἰς τὴν γῆν ταύτην πεσεῖν ἐν πολέμῳ αἱ γυναῖκες ἡμῶν και τὰ παιδία ἔσονται εἰς διαρπαγὴν νῦν οὖν βέλτιον ἡμῖν ἔστιν ἀποστραφῆναι εἰς αἰγύπτον
- 4 Yonn t'ap di lòt: -Ann chwazi yon lòt chèf! Ann tounen nan peyi Lejip!
And they said to one another, Let us make a captain over us, and go back to Egypt.
 και εἶπαν ἕτερος τῷ ἐτέρῳ δῶμεν ἀρχηγὸν και ἀποστρέψομεν εἰς αἰγύπτον
- 5 ¶ Lè Moyiz ak Arawon wè sa, yo tonbe fas atè devan tout pèp la ki te sanble la a.
Then Moses and Aaron went down on their faces before the meeting of the people.
 και ἔπεσαν μουσῆς και ααρων ἐπὶ πρόσωπον ἐναντίον πάσης συναγωγῆς υἱῶν ἰσραηλ
- 6 Lè sa a, de nan mesye espyon yo, Jozye, pitit gason Noun lan, ak Kalèb, pitit gason Jefoune a, chire rad ki te sou yo sitèlman yo te fache.
And Joshua, the son of Nun, and Caleb, the son of Jephunneh, two of those who had been to see the land, giving signs of grief,
 ἰησοῦς δὲ ὁ τοῦ ναυη και χαλεβ ὁ τοῦ ιεφοννη τῶν κατασκευασμένων τὴν γῆν διέρρηξαν τὰ ἰμάτια αὐτῶν
- 7 Epi yo di pèp la: -Peyi nou te al vizite a se yon bon bon peyi.
Said to all the children of Israel, This land which we went through to see is a very good land.
 και εἶπαν πρὸς πᾶσαν συναγωγὴν υἱῶν ἰσραηλ λέγοντες ἡ γῆ ἣν κατασκευάσαμεθα αὐτὴν ἀγαθὴ ἔστιν σφόδρα σφόδρα
- 8 Si Seyè a vle fè sa pou nou, l'ap fè nou antre nan peyi a, l'ap ban nou li. Se yon peyi ki rich anpil, yon peyi kote lèt ak siwo myèl koule tankou dlo.
And if the Lord has delight in us, he will take us into this land and give it to us, a land flowing with milk and honey.
 εἰ αἰρετίζει ἡμᾶς κύριος εἰσάξει ἡμᾶς εἰς τὴν γῆν ταύτην και δώσει αὐτὴν ἡμῖν γῆ ἥτις ἔστιν ῥέουσα γάλα και μέλι
- 9 Sèlman, pa kenbe tèt ak Seyè a! Nou pa bezwen pè moun k'ap viv nan peyi sa a. N'ap manje yo tankou kann. Bondye ki t'ap pwoteje yo a kouri mete deyò. Men Seyè a kanpe la avèk nou. Nou pa bezwen pè yo.
Only, do not go against the Lord or go in fear of the people of the land, for they will be our food; their strength has been taken from them and the Lord is with us: have no fear of them.
 ἀλλὰ ἀπὸ τοῦ κυρίου μὴ ἀποστάται γίνεσθε ὑμεῖς δὲ μὴ φοβηθῆτε τὸν λαὸν τῆς γῆς ὅτι κατὰβρωμα ἡμῖν ἔστιν ἀφέστηκεν γὰρ ὁ καιρὸς ἀπ' αὐτῶν ὁ δὲ κύριος ἐν ἡμῖν μὴ φοβηθῆτε αὐτούς
- 10 Lè sa a, tout pèp la ranmase wòch pou yo kalonnen Jozye ak Kalèb. Men, lamenn pouwva Bondye a parèt anwo Tant Randevou a, li fè tout pèp la wè l'.
But all the people said they were to be stoned. Then the glory of the Lord was seen in the Tent of meeting, before the eyes of all the children of Israel.
 και εἶπεν πᾶσα ἡ συναγωγὴ καταλιθοβολῆσαι αὐτούς ἐν λίθοις και ἡ δόξα κυρίου ὤφθη ἐν νεφέλῃ ἐπὶ τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου ἐν πᾶσι τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ
- 11 ¶ Seyè a di Moyiz konsa: -Kilè pèp sa a va sispann meprize mwen? Kilè y'a sot pou yo fè m' konfyans? Gade tout bèl bagay mwen te fè pou yo. Malgre sa, yo pa vle kwè m' toujou!
And the Lord said to Moses, How long will this people have no respect for me? how long will they be without faith, in the face of all the signs I have done among them?
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν ἕως τίνος παροξύνει με ὁ λαὸς οὗτος και ἕως τίνος οὐ πιστεύουσίν μοι ἐν πᾶσιν τοῖς σημεῖοις οἷς ἐποίησα ἐν αὐτοῖς
- 12 M'ap voye yon sèl epidem sou yo, m'ap touye yo tout. M'ap anpeche yo pran posesyon tè ki pou yo a. Men ou menm, m'ap fè ou tounen yon nasyon k'ap pi gwo, k'ap pi fò pase yo.
I will send disease on them for their destruction, and take away their heritage, and I will make of you a nation greater and stronger than they.
 πατάξω αὐτούς θανάτῳ και ἀπολῶ αὐτούς και ποιήσω σὲ και τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς σου εἰς ἔθνος μέγα και πολὺ μᾶλλον ἢ τοῦτο
- 13 Men, Moyiz di Seyè a konsa: -Se ou menm ak fòs ponyèt ou ki te fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip la.
And Moses said to the Lord, Then it will come to the ears of the Egyptians; for by your power you took this people out from among them;
 και εἶπεν μουσῆς πρὸς κύριον και ἀκούσεται αἰγύπτος ὅτι ἀνήγαγες τῆ ἰσχύ σου τὸν λαὸν τοῦτον ἐξ αὐτῶν
- 14 Lè moun pèyi Lejip yo va vin konnen sa ou pral fè pèp la, y'a rakonte l' bay moun ki rete nan peyi Kanaran yo. Yo menm tou, yo deja konnen se ou menm, Seyè, ki kanpe la nan mitan pèp la, se ou menm ki parèt akèl devan je yo, se nwaj ou, Granmèt, ki rete anwo yo. Se ou menm ki t'ap mache devan yo lajounen nan yon gwo nwaj ki te gen fòm yon poto, lannwit nan yon gwo flanm dife ki te gen fòm yon poto tou.
And they will give the news to the people of this land: they have had word that you, Lord, are present with this people, letting yourself be seen face to face, and that your cloud is resting over them, and that you go before them in a pillar of cloud by day and in a pillar of fire by night.
 ἀλλὰ και πάντες οἱ κατοικοῦντες ἐπὶ τῆς γῆς ταύτης ἀκηκόασιν ὅτι σὺ εἶ κύριος ἐν τῷ λαῷ τοῦτῳ ὅστις ὀφθαλμοῖς κατ' ὀφθαλμοὺς ὀπτάζει κύριε και ἡ νεφέλη σου ἐφέστηκεν ἐπ' αὐτῶν και ἐν στόλῳ νεφέλης σὺ πορεύῃ πρότερος αὐτῶν τὴν ἡμέραν και ἐν στόλῳ πυρὸς τὴν νύκτα

- 15 Koulye a, si ou rete konsa ou touye tout pèp ou a, moun lòt nasyon yo ki te tandè pale ki kalite moun ou ye, yo pral di
 Now if you put to death all this people as one man, then the nations who have had word of your glory will say,
 και ἐκτρίψεις τὸν λαὸν τοῦτον ὡσεὶ ἄνθρωπον ἓνα και ἐροῦσιν τὰ ἔθνη ὅσοι ἀκηκόασιν τὸ ὄνομά σου λέγοντες
- 16 se kapab ou pa t' kapab mennen pèp la nan peyi ou te fè sèman w'ap ba yo a kifè ou touye yo nan dezè a.
 Because the Lord was not able to take this people into the land which he made an oath to give them, he sent destruction on them in the waste land.
 παρὰ τὸ μὴ δύνασθαι κύριον εἰσαγαγεῖν τὸν λαὸν τοῦτον εἰς τὴν γῆν ἣν ὤμοσεν αὐτοῖς κατέστρωσεν αὐτοὺς ἐν τῇ ἐρήμῳ
- 17 Non. Seyè! Se koulye a pou ou fè wè gwo pounwa ou la, jan ou te pwomèt l' a, lè ou te di:
 So now, may my prayer come before you, and let the power of the Lord be great, as you said:
 και νῦν ὑψωθήτω ἡ ἰσχὺς σου κύριε ὄν τρόπον εἶπας λέγων
- 18 Se mwen menm ki Seyè a, mwen pa an kòlè fasil, mwen p'ap janm sispann renmen nou. M'ap toujou padonnen sa nou fè ki mal ak sa nou te dwe fè nou pa fè. Men, mwen pa nan kase fèy kouvri sa ak pesonn. Si yon moun fè yon bagay mal, m'ap pini pitit li, pitit pitit li, ak pitit pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk sou twazyèm ak katyèm jenerasyon.
 The Lord is slow to wrath and great in mercy, overlooking wrongdoing and evil, and will not let wrongdoers go free; sending punishment on children for the sins of their fathers, to the third and fourth generation.
 κύριος μακρόθυμος και πολυέλεος και ἀληθινὸς ἀφαιρῶν ἀνομίας και ἀδικίας και ἁμαρτίας και καθαρισμῶ οὐ καθαριεῖ τὸν ἔνοχον ἀποδιδούς ἁμαρτίας πατέρων ἐπὶ τέκνα ἕως τρίτης και τετάρτης
- 19 Tanpri, jan ou gen bon kè sa a, padonnen sa pèp la fè ki mal la, menm jan ou te pran pasyans ak yo depi yo kite peyi Lejip jouk yo rive isit la.
 May the sin of this people have forgiveness, in the measure of your great mercy, as you have had mercy on them from Egypt up till now.
 ἄφες τὴν ἁμαρτίαν τῷ λαῷ τούτῳ κατὰ τὸ μέγα ἔλεός σου καθάπερ Ἰλεως αὐτοῖς ἐγένου ἀπ' αἰγύπτου ἕως τοῦ νῦν
- 20 ¶ Seyè a di: -M'ap padonnen yo, jan ou mande m' lan.
 And the Lord said, I have had mercy, as you say:
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν Ἰλεως αὐτοῖς εἰμι κατὰ τὸ ῥῆμά σου
- 21 Men, menm jan ou wè mwen vivan an, menm jan ou wè pounwa mwen toupatou sou latè,
 But truly, as I am living, and as all the earth will be full of the glory of the Lord;
 ἀλλὰ ζῶ ἐγὼ και ζῶν τὸ ὄνομά μου και ἐμπλήσει ἡ δόξα κυρίου πᾶσαν τὴν γῆν
- 22 okenn nan moun sa yo p'ap rive viv lontan ase pou yo antre nan peyi a. Yo te wè pounwa mwen, yo te wè tout bèl bagay mwen te fè nan peyi Lejip ak nan dezè a. Men anpil fwa deja, yo chache wè jouk ki bò mwen ye ak yo, yo pa janm vle koute m' lè m' pale ak yo.
 Because all these men, having seen my glory and the signs which I have done in Egypt and in the waste land, still have put me to the test ten times, and have not given ear to my voice;
 ὅτι πάντες οἱ ἄνδρες οἱ ὀρθῶντες τὴν δόξαν μου και τὰ σημεῖα ἃ ἐποίησα ἐν αἰγύπτῳ και ἐν τῇ ἐρήμῳ ταῦτη και ἐπείρασάν με τοῦτο δέκατον και οὐκ εἰσήκουσάν μου τῆς φωνῆς
- 23 Yo p'ap menm wè peyi mwen te sèman mwen t'ap bay zansèt yo a. Yo tout ki vire do ban mwen yo, yo yonn p'ap wè peyi a.
 They will not see the land about which I made an oath to their fathers; not one of these by whom I have not been honoured will see it.
 ἢ μήν οὐκ ὄψονται τὴν γῆν ἣν ὤμοσα τοῖς πατέραςιν αὐτῶν ἀλλ' ἢ τὰ τέκνα αὐτῶν ἃ ἐστὶν μετ' ἐμοῦ ὧδε ὅσοι οὐκ οἶδασιν ἀγαθὸν οὐδὲ κακὸν πᾶς νεώτερος ἄπειρος τούτοις δώσω τὴν γῆν πάντες δὲ οἱ παροξύναντές με οὐκ ὄψονται αὐτήν
- 24 Men, paske Kalèb, sèvitè m' lan, pa ajì tankou yo, li swiv mwen san gad dèyè, m'ap fè l' antre nan peyi li te al rekonèt la. Pitit pitit li yo va pran peyi a pou yo.
 But my servant Caleb, because he had a different spirit in him, and has been true to me with all his heart, him I will take into that land into which he went, and his seed will have it for their heritage.
 ὁ δὲ παῖς μου χαλεβ ὅτι ἐγενήθη πνεῦμα ἕτερον ἐν αὐτῷ και ἐπηκολούθησέν μοι εἰσάξω αὐτὸν εἰς τὴν γῆν εἰς ἣν εἰσῆλθεν ἐκεῖ και τὸ σπέρμα αὐτοῦ κληρονομήσει αὐτήν
- 25 Y'a rete nan plenn kote moun Amalèk yo ak moun Kanaran yo rete koulye a. Denmen n'ap fè bak, n'a tounen nan dezè a ankò nan direksyon Lanmè Wouj la.
 Now the Amalekites and the Canaanites are in the valley; tomorrow, turning round, go into the waste land by the way to the Red Sea.
 ὁ δὲ αμαληκ και ὁ καναναῖος κατοικοῦσιν ἐν τῇ κοιλάδι αὔριον ἐπιστρέψατε ὑμεῖς και ἀπάρατε εἰς τὴν ἔρημον ὁδὸν θάλασσαν ἐρυθράν
- 26 Apre sa, Seyè a pale ak Moyiz ansanm ak Arawon, li di yo konsa:
 Then the Lord said to Moses and Aaron,
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν και ααρὼν λέγων
- 27 -Kilè bann moun mechan sa yo va sispann bougonnen sou do mwen konsa? Mwen bouke tandè jan moun pèp Izrayèl yo ap pale m' mal.
 How long am I to put up with this evil people and their outcries against me? The words which they say against me have come to my ears.
 ἕως τίνος τὴν συναγωγὴν τὴν πονηρὰν ταύτην ἃ αὐτοὶ γογγύζουσιν ἐναντίον ἐμοῦ τὴν γόγγυσιν τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ ἣν ἐγόγγυσαν περὶ ὑμῶν ἀκίκοα

- 28 Men sa pou ou di yo pou mwen: Se mwen menm menm, Seyè a, ki di sa. Menm jan nou wè m' vivan an, mwen fè sèman sa nou te di k'ap rive nou an, se li k'ap rive nou vre.
Say to them, By my life, says the Lord, as certainly as your words have come to my ears, so certainly will I do this to you:
εἰπὼν αὐτοῖς ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος ἢ μὴν ὃν τρόπον λελαλήκατε εἰς τὰ ὄτά μου οὕτως ποιήσω ὑμῖν
- 29 Y'ap antere kadav nou tout nan dezè a. Nou tout ki t'ap bougonnen sou mwen yo, nou tout yo te konte lè resansman an, nou tout ki gen ventan ak sa ki pi gran yo, nou yonn p'ap antre nan peyi a.
Your dead bodies will be stretched out in this waste land; and of all your number, all those of twenty years old and over who have been crying out against me,
ἐν τῇ ἐρήμῳ ταύτῃ πεσεῖται τὰ κῶλα ὑμῶν καὶ πᾶσα ἡ ἐπισκοπὴ ὑμῶν καὶ οἱ κατηριθμημένοι ὑμῶν ἀπὸ εἰκοσαετοῦς καὶ ἐπάνω ὅσοι ἐγόγγυσαν ἐπ' ἐμοί
- 30 Dakò! Mwen te fè sèman mwen t'ap fè nou al rete nan peyi a. Men, nou yonn p'ap gen chans lan, esepite Kalèb, pitit gason Jefoune a, ak Jozye, pitit gason Noun lan.
Not one will come into the land which I gave my word you would have for your resting-place, but only Caleb, the son of Jephunneh, and Joshua, the son of Nun.
εἰ ὑμεῖς εἰσελεύσεσθε εἰς τὴν γῆν ἐφ' ἣν ἐξέτεινα τὴν χειρὰ μου κατασκηνῶσαι ὑμᾶς ἐπ' αὐτῆς ἀλλ' ἢ χαλεβ υἱὸς ιεφοννη καὶ ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυη
- 31 Nou te di pitit pitit nou yo pral tonbe anba men lènmi nou yo. Men, se yo menm m'ap fè antre nan peyi nou menm nou refize al pran an.
And your little ones, whom you said would come into strange hands, I will take in, and they will see the land which you would not have.
καὶ τὰ παιδιά ἃ εἶπατε ἐν διαρπαγῇ ἔσεσθαι εἰσάξω αὐτοὺς εἰς τὴν γῆν καὶ κληρονομήσουσιν τὴν γῆν ἣν ὑμεῖς ἀπέστητε ἀπ' αὐτῆς
- 32 Men, nou menm y'ap antere kadav nou yo isit nan dezè a.
But as for you, your dead bodies will be stretched in this waste land.
καὶ τὰ κῶλα ὑμῶν πεσεῖται ἐν τῇ ἐρήμῳ ταύτῃ
- 33 Pitit nou yo pral moute desann nan tout dezè a. Pandan karant lanne, y'a peye pou vire nou te vire do ban mwen an, jouk nou tout nèt n'a fin mouri nan dezè a.
And your children will be wanderers in the waste land for forty years, undergoing punishment for your false ways, till your bodies become dust in the waste land.
οἱ δὲ υἱοὶ ὑμῶν ἔσονται νεμόμενοι ἐν τῇ ἐρήμῳ τεσσαράκοντα ἔτη καὶ ἀνοίσουσιν τὴν πορνεῖαν ὑμῶν ἕως ἂν ἀναλωθῇ τὰ κῶλα ὑμῶν ἐν τῇ ἐρήμῳ
- 34 Nou menm, n'a peye konsekans peche nou an pandan karant lanne, yon lanne pou chak jou nan karant jou nou te pase ap vizite peyi a. Lè sa a, n'a konnen sa sa vle di lè m' vire do bay moun.
And as you went through the land viewing it for forty days, so for forty years, a year for every day, you will undergo punishment for your wrongdoing, and you will see that I am against you.
κατὰ τὸν ἀριθμὸν τῶν ἡμερῶν ὅσας κατεσκέψασθε τὴν γῆν τεσσαράκοντα ἡμέρας ἡμέραν τοῦ ἐνιαυτοῦ λήψεσθε τὰς ἀμαρτίας ὑμῶν τεσσαράκοντα ἔτη καὶ γνώσεσθε τὸν θυμὸν τῆς ὀργῆς μου
- 35 Se mwen menm Seyè a ki di sa: Mwen fè sèman se konsa mwen pral aji ak bann moun sa yo ki mete tèt yo ansanm sou do m'. Yo tout gen pou yo disparèt nan dezè sa a. Wi, se la menm yo tout ap mouri.
I the Lord have said it, and this I will certainly do to all this evil people who have come together against me: in this waste land destruction will come on them, and death will be their fate.
ἐγὼ κύριος ἐλάλησα ἢ μὴν οὕτως ποιήσω τῇ συναγωγῇ τῇ πονηρᾷ ταύτῃ τῇ ἐπισυνεσταμένῃ ἐπ' ἐμέ ἐν τῇ ἐρήμῳ ταύτῃ ἐξαναλωθήσονται καὶ ἐκεῖ ἀποθανοῦνται
- 36 ¶ Mesye Moyiz te voye al rekonèt peyi a te fè tout pèp la ap bougonnen sou Moyiz avèk move rapò yo te fè sou peyi a, lè yo te tounen an.
And the men whom Moses sent to see the land, and who, by the bad account they gave of the land, were the cause of the outcry the people made against Moses,
καὶ οἱ ἄνθρωποι οὗς ἀπέστειλεν μουσῆς κατασκέψασθαι τὴν γῆν καὶ παραγεννηθέντες διεγόγγυσαν κατ' αὐτῆς πρὸς τὴν συναγωγὴν ἐξενέγκαι ῥήματα πονηρὰ περὶ τῆς γῆς
- 37 Se konsa yon sèl maladi tonbe sou mesye sa yo ki te pale peyi a mal konsa. Yo tonbe, yo mouri frèt devan Seyè a.
Those same men who said evil of the land, came to their death by disease before the Lord.
καὶ ἀπέθανον οἱ ἄνθρωποι οἱ κατείπαντες κατὰ τῆς γῆς πονηρὰ ἐν τῇ πληγῇ ἔναντι κυρίου
- 38 Nan douz mesye ki te al vizite peyi a, se de sèlman ki pa t' mouri: se te Jozye, pitit gason Noun lan, ak Kalèb, pitit gason Jefoune a.
But Joshua, the son of Nun, and Caleb, the son of Jephunneh, of those who went to see the land, were not touched by disease.
καὶ ἰησοῦς υἱὸς ναυη καὶ χαλεβ υἱὸς ιεφοννη ἔζησαν ἀπὸ τῶν ἀνθρώπων ἐκείνων τῶν πεπορευμένων κατασκέψασθαι τὴν γῆν
- 39 Lè Moyiz di moun pèp Izrayèl yo tout pawòl sa yo, sa te fè yo lapenn anpil.
And when Moses put these words before the children of Israel, the people were full of grief.
καὶ ἐλάλησεν μουσῆς τὰ ῥήματα ταῦτα πρὸς πάντας υἱοὺς ἰσραηλ καὶ ἐπένθησεν ὁ λαὸς σφόδρα
- 40 Nan denmen maten, byen bonè, yo leve pou y' al janbe lòt bò mòn yo pou yo antre nan peyi a. Yo t'ap di: -Men nou! Nou pare pou n' ale kote Seyè a di pou n' ale a. Nou rekonèt sa nou te fè a mal.
And early in the morning they got up and went to the top of the mountain, saying, We are here and we will go up to the place which the Lord said he would give us: for we have done wrong.
καὶ ὀρθρίσαντες τὸ πρωὶ ἀνέβησαν εἰς τὴν κορυφὴν τοῦ ὄρους λέγοντες ἰδοὺ οἶδε ἡμεῖς ἀναβησόμεθα εἰς τὸν τόπον ὃν εἶπεν κύριος ὅτι ἡμάρτομεν
- 41 Men Moyiz di yo: -Pouki pou n'ap dezobeyi lòd Seyè a ankò? Sa p'ap mache pou nou non, fwa sa a!
And Moses said, Why are you now acting against the Lord's order, seeing that no good will come of it?
καὶ εἶπεν μουσῆς ἵνα τί ὑμεῖς παραβαίνετε τὸ ῥῆμα κυρίου οὐκ εὐδοα ἔσται ὑμῖν

- 42 Piga nou moute. Seyè a vire do ban nou, nou pa bezwen ale fè lènmi nou yo bat nou pou gremesi.
Go not up, for the Lord is not with you, and you will be overcome by those who are fighting against you.
μη ἀναβαίνετε οὐ γάρ ἐστιν κύριος μεθ' ὑμῶν καὶ πεσεῖσθε πρὸ προσώπου τῶν ἐχθρῶν ὑμῶν
- 43 Lè n'a rive devan moun Amalèk yo ak moun Kanaran yo, nou pral mouri nan batay la. Seyè a p'ap kanpe la avèk nou, paske nou te vire do ba li.
For the Amalekites and the Canaanites are there before you, and you will be put to death by their swords: because you have gone back from the way of the Lord, the Lord will not be with you.
ὅτι ὁ ἀμαληκ καὶ ὁ χαναναῖος ἐκεῖ ἔμπροσθεν ὑμῶν καὶ πεσεῖσθε μαχαίρα ὃ ἔινεκεν ἀπεστράφητε ἀπειθοῦντες κυρίῳ καὶ οὐκ ἔσται κύριος ἐν ὑμῖν
- 44 Pèp la fè tèt di, yo moute moute yo sou mòn yo pou yo seye antre nan peyi a. Men, ni Bwat Kontra Seyè a, ni Moyiz pa deplase kote yo te ye nan kan an.
But they gave no attention to his words and went to the top of the mountain, though Moses and the ark of the Lord's agreement did not go out of the tent-circle.
καὶ διαβιασάμενοι ἀνέβησαν ἐπὶ τὴν κορυφὴν τοῦ ὄρους ἢ δὲ κιβωτὸς τῆς διαθήκης κυρίου καὶ μουσῆς οὐκ ἐκινήθησαν ἐκ τῆς παρεμβολῆς
- 45 Se konsa moun Amalèk yo ak moun Kanaran yo ki te rete nan mòn yo desann, yo bat yo, yo kouri dèyè yo jouk yon kote yo rele Oma.
Then the Amalekites came down, and the Canaanites who were living in the hill-country, and overcame them completely, driving them back as far as Hormah.
καὶ κατέβη ὁ ἀμαληκ καὶ ὁ χαναναῖος ὁ ἐγκαθήμενος ἐν τῷ ὄρει ἐκείνῳ καὶ ἐτρέψαντο αὐτούς καὶ κατέκοψαν αὐτούς ἕως ἔρμαν καὶ ἀπεστράφησαν εἰς τὴν παρεμβολήν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz ankò, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, w'a di yo pou mwen: Lè n'a antre nan peyi mwen pral ban nou pou nou rete a,
Say to the children of Israel, When you have come into the land which I am giving to you for your resting-place,
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ὅταν εἰσέλθητε εἰς τὴν γῆν τῆς κατοικήσεως ὑμῶν ἦν ἐγὼ δίδωμι ὑμῖν
- 3 Lè n'ap ofri yon towò bèf, osinon yon mouton, oswa yon kabrit pou yo boule nèt nan dife pou Seyè a, tankou yon ofrann ki pou fè Seyè a plezi ak bon sant li, kit se paske nou te fè yon ve, kit se paske nou menm nou te fè lide fè yon ofrann, osinon paske lè fèt n'ap fete pou mwen yo rive,
And are going to make an offering by fire to the Lord, a burned offering or an offering in connection with an oath, or an offering freely given, or at your regular feasts, an offering for a sweet smell to the Lord, from the herd or the flock:
καὶ ποιήσεις ὄλοκαυτώματα κυρίῳ ὄλοκάρπωμα ἢ θυσίαν μεγαλῦναι εὐχὴν ἢ καθ' ἐκούσιον ἢ ἐν ταῖς ἑορταῖς ὑμῶν ποιῆσαι ὁσμὴν εὐωδίας κυρίῳ εἰ μὲν ἀπὸ τῶν βοῶν ἢ ἀπὸ τῶν προβάτων
- 4 wi, lè n'ap fè ofrann konsa pou Seyè a, n'a fè ofrann grenn ki donnè nan jaden pou mache ak yo tou: sèt ti mamit farin frans melanje avèk de boutèy ka plen lwil oliv.
Then let him who is making his offering, give to the Lord a meal offering of a tenth part of a measure of the best meal mixed with a fourth part of a hin of oil:
καὶ προσοίσει ὁ προσφέρων τὸ δῶρον αὐτοῦ κυρίῳ θυσίαν σεμιδάλεως δέκατον τοῦ οἴφι ἀναπεποιημένης ἐν ἐλαίῳ ἐν τετάρτῳ τοῦ ἰν
- 5 Lè n'ap fè ofrann pou yo boule nèt pou Seyè a, n'a ofri de boutèy ka plen diven pou chak ti mouton n'ap ofri.
And for the drink offering, you are to give with the burned offering or other offering, the fourth part of a hin of wine for every lamb.
καὶ οἶνον εἰς σπονδὴν τὸ τέταρτον τοῦ ἰν ποιήσετε ἐπὶ τῆς ὄλοκαυτώσεως ἢ ἐπὶ τῆς θυσίας τῷ ἁμῶ τῷ ἐνὶ ποιήσεις τοσοῦτο κάρπωμα ὁσμὴν εὐωδίας τῷ κυρίῳ
- 6 Lè se yon belye mouton n'ap ofri, se va katòz ti mamit farin frans melanje avèk twa boutèy ka plen lwil oliv n'a ofri pou ofrann grenn ki donnè nan jaden,
Or for a male sheep, give as a meal offering two tenth parts of a measure of the best meal mixed with a third part of a hin of oil:
καὶ τῷ κριῷ ὅταν ποιῆτε αὐτὸν ἢ εἰς ὄλοκαύτωμα ἢ εἰς θυσίαν ποιήσεις θυσίαν σεμιδάλεως δύο δέκατα ἀναπεποιημένης ἐν ἐλαίῳ τὸ τρίτον τοῦ ἰν
- 7 ansanm ak twa boutèy ka diven. Ofrann sa yo, lè yo boule nan dife, y'a fè Seyè a plezi ak bon sant yo.
And for the drink offering give a third part of a hin of wine, for a sweet smell to the Lord.
καὶ οἶνον εἰς σπονδὴν τὸ τρίτον τοῦ ἰν προσοίσετε εἰς ὁσμὴν εὐωδίας κυρίῳ
- 8 Lè se yon jenn towò n'ap ofri pou yo boule nèt nan dife osinon pou yo touye pou Seyè a, kit se paske nou te fè yon ve, kit se pou di Bondye mèsi,
And when you make ready a young ox for a burned or other offering, or for the effecting of an oath, or for peace-offerings to the Lord:
ἐὰν δὲ ἀπὸ τῶν βοῶν ποιῆτε εἰς ὄλοκαύτωμα ἢ εἰς θυσίαν μεγαλῦναι εὐχὴν ἢ εἰς σωτήριον κυρίῳ
- 9 se pou nou pote yon ofrann grenn ki donnè nan jaden tou: venteyen ti mamit farin frans melanje ak senk ti boutèy ka plen lwil oliv.
Then with the ox give a meal offering of three tenth parts of a measure of the best meal mixed with half a hin of oil.
καὶ προσοίσει ἐπὶ τοῦ μόσχου θυσίαν σεμιδάλεως τρία δέκατα ἀναπεποιημένης ἐν ἐλαίῳ ἡμισυ τοῦ ἰν

- 10 Lèfini, n'a ofri kat boutèy ka diven avèk li. Ofrann sa a, lè li boule nan dife, l'a fè Seyè a plezi ak bon sant li.
And for the drink offering: give half a hin of wine, for an offering made by fire for a sweet smell to the Lord.
καὶ οἶνον εἰς σπονδὴν τὸ ἥμισυ τοῦ ἑνὸς κάρπωμα ὀσμὴν εὐωδίας κυρίῳ
- 11 Se sa pou nou bay ansanm ak chak jenn towò, chak belye mouton osinon chak bouk kabrit n'ap ofri.
This is to be done for every young ox and for every male sheep or he-lamb or young goat.
οὕτως ποιήσεις τῷ μόσχῳ τῷ ἐνὶ ἡ τῷ κριῷ τῷ ἐνὶ ἡ τῷ ἀμνῷ τῷ ἐνὶ ἐκ τῶν προβάτων ἢ ἐκ τῶν αἰγῶν
- 12 Pou chak bèt n'ap ofri an plis, n'a ofri kantite grenn jaden ki pou mache ak l' a.
Whatever number you make ready, so you are to do for every one.
κατὰ τὸν ἀριθμὸν ᾧ ἐὰν ποιήσητε οὕτω ποιήσετε τῷ ἐνὶ κατὰ τὸν ἀριθμὸν αὐτῶν
- 13 Se konsa chak moun natif natal peyi Izrayèl la gen pou fè l' lè y'ap ofri yon bèt pou boule nèt pou Seyè a, yon ofrann ki pou fè Seyè a plezi ak bon sant li.
All those who are Israelites by birth are to do these things in this way, when giving an offering made by fire of a sweet smell to the Lord.
πᾶς ὁ αὐτόχθων ποιήσει οὕτως τοιαῦτα προσενέγκαι καρπώματα εἰς ὀσμὴν εὐωδίας κυρίῳ
- 14 Lè yon moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou pou yon ti tan, osinon pou tout tan, ap fè yon ofrann bay Bondye, yon ofrann pou yo boule nan dife epi ki pou fè Seyè a plezi ak bon sant li, se pou l' swiv menm regleman ak nou.
And if a man from another country or any other person living among you, through all your generations, has the desire to give an offering made by fire of a sweet smell to the Lord, let him do as you do.
ἐὰν δὲ προσήλυτος ἐν ὑμῖν προσγένηται ἐν τῇ γῆ ὑμῶν ἢ ὅς ἂν γένηται ἐν ὑμῖν ἐν ταῖς γενεαῖς ὑμῶν καὶ ποιήσει κάρπωμα ὀσμὴν εὐωδίας κυρίῳ ὃν τρόπον ποιεῖτε ὑμεῖς οὕτως ποιήσει ἢ συναγωγὴ κυρίῳ
- 15 Nan peyi a, se va yon sèl regleman pou tout moun, ni pou nou menm ni pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo, yon sèl regleman pou tout tan, de pitit an pitit: Se va menm bagay la ni pou nou ni pou moun lòt nasyon yo devan Seyè a.
There is to be one law for you and for the man of another country living with you, one law for ever from generation to generation; as you are, so is he to be before the Lord.
νόμος εἷς ἔσται ὑμῖν καὶ τοῖς προσηλύτοις τοῖς προσκειμένοις ἐν ὑμῖν νόμος αἰώνιος εἰς γενεὰς ὑμῶν ὡς ὑμεῖς καὶ ὁ προσήλυτος ἔσται ἔναντι κυρίου
- 16 Se va yon sèl lwa, yon sèl regleman ni pou nou ni pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo.
The law and the rule are to be the same for you and for those from other lands living with you.
νόμος εἷς ἔσται καὶ δικαίωμα ἐν ἔσται ὑμῖν καὶ τῷ προσηλύτῳ τῷ προσκειμένῳ ἐν ὑμῖν
- 17 Apre sa Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 18 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo. W'a di yo pou mwen: Lè n'a antre nan peyi kote mwen pral mennen nou an,
Say to the children of Israel, When you come into the land where I am guiding you,
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαι ὑμᾶς εἰς τὴν γῆν εἰς ἣν ἐγὼ εἰσάγω ὑμᾶς ἐκεῖ
- 19 lè n'ap manje manje peyi a va bay, n'a wete yon pòsyon, n'a mete l' apa pou nou fè Seyè a kado.
Then, when you take for your food the produce of the land, you are to give an offering lifted up before the Lord.
καὶ ἔσται ὅταν ἔσθητε ὑμεῖς ἀπὸ τῶν ἄρτων τῆς γῆς ἀφελεῖτε ἀφαίρεμα ἀφόρισμα κυρίῳ
- 20 Chak lanne, apre rekòt la, n'a pran yon pen nan premye pen fèt ak ble nou fèk rekòlte a, n'a mete l' apa pou nou fè Seyè a kado, jan nou fè l' pou grenn ki pase sou glasi.
Of the first of your rough meal you are to give a cake for a lifted offering, lifting it up before the Lord as the offering of the grain-floor is lifted up.
ἀπαρχὴν φουράματος ὑμῶν ἄρτων ἀφαίρεμα ἀφοριεῖτε αὐτό ὡς ἀφαίρεμα ἀπὸ ἁλῶ οὕτως ἀφελεῖτε αὐτόν
- 21 Se pou nou toujou wete yon pen nan premye pen nou fè apre rekòt nou yo pou nou fè Seyè a kado. Se va yon lwa pou pitit ak pitit pitit nou yo, depi koulè a ak pou tout tan.
From generation to generation you are to give to the Lord a lifted offering from the first of your rough meal.
ἀπαρχὴν φουράματος ὑμῶν καὶ δώσετε κυρίῳ ἀφαίρεμα εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν
- 22 ¶ Men, si san nou pa fè espri, nou pa swiv yonn nan lòd Seyè a te bay Moyiz yo,
And if in error you go against any of these laws which the Lord has given to Moses,
ὅταν δὲ διαμάρτητε καὶ μὴ ποιήσητε πάσας τὰς ἐντολὰς ταύτας ἅς ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν

- 23 lòd pou nou te toujou swiv de pitit an pitit depi jou li te voye Moyiz pale ak nou an, men sa pou yo fè:
All the laws which the Lord has given you by the hand of Moses, from the day when the Lord gave them, and ever after from generation to generation;
καθὰ συνέταξεν κύριος πρὸς ὑμᾶς ἐν χειρὶ μουσῆ ἀπὸ τῆς ἡμέρας ἧς συνέταξεν κύριος πρὸς ὑμᾶς καὶ ἐπέκεινα εἰς τὰς γενεὰς ὑμῶν
- 24 Si se tout pèp la ki fè sa l' pa t' dwe fè san li pa t' konnen sa l'ap fè a, yo tout ansanm y'a ofri yon jenn ti towò bèf pou yo boule nèt nan dife pou Seyè a. Se va yon ofrann pou yo boule nan dife pou fè Seyè a plezi ak bon sant li. Y'a ofri l' ansanm ak ofrann grenn jaden ak bwason ki pou mache avè l' la. Apre sa, y'a ofri yon bouk kabrit pou repare sa yo te fè ki mal la.
Then, if the wrong is done in error, without the knowledge of the meeting of the people, let all the meeting give a young ox as a burned offering, a sweet smell to the Lord, with its meal offering and its drink offering, as is ordered in the law, together with a he-goat for a sin-offering.
 πᾶσαν τὴν ἀπαρτίαν τῶν γυναικῶν ἣτις οὐκ οἶδεν κοίτην ἄρσενος ζωοργήσατε αὐτάς
- 19 Men, nou menm ki touye moun osinon ki manyen kadav moun mouri, nou pral rete sèt jou andeyò limit kan an. Sou twazyèm jou a ak sou setyèm jou a n'a fè sèvis pou mete nou nan kondisyon, nou menm ak tout prizonye nou yo, pou nou ka fè sèvis Bondye.
You yourselves will have to keep outside the tent-circle for seven days, anyone of you who has put any person to death or come near a dead body; and on the third day and on the seventh day make yourselves and your prisoners clean.
 και ὑμεῖς παρεμβάλετε ἔξω τῆς παρεμβολῆς ἐπὶ τὰς ἡμέρας πᾶς ὃ ἀνελὼν και ὃ ἀπτόμενος τοῦ τετραμένου ἀγνισθήσεται τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ και τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ ὑμεῖς και ἡ αἰχμαλωσία ὑμῶν
- 20 N'a fè sèvis pou mete tout rad ak tout bagay ki fèt ak po bèt, bagay ki fèt ak pwal kabrit, bagay ki fèt ak bwa, nan kondisyon pou moun k'ap sèvi Bondye ka sèvi ak yo.
And every bit of clothing, and anything made of leather or goats' hair or wood, you are to make clean.
 και πᾶν περίβλημα και πᾶν σκεῶς δερμάτινον και πᾶσαν ἐργασίαν ἐξ αἰγείας και πᾶν σκεῶς ξύλινον ἀφαγιεῖτε
- 21 Eleaza, prèt la, pale ak mesye ki te tounen soti nan lagè yo. Li di yo konsa: -Men yon regleman nou jwenn nan lòd Seyè a te bay Moyiz.
Then Eleazar the priest said to the men of war who had been to the fight, This is the rule of the law which the Lord has given to Moses:
 και εἶπεν ελεαζαρ ὁ ἱερεὺς πρὸς τοὺς ἄνδρας τῆς δυνάμεως τοὺς ἐρχομένους ἐκ τῆς παρατάξεως τοῦ πολέμου τοῦτο τὸ δικαίωμα τοῦ νόμου ὃ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 22 Tout moso lò, tout moso ajan, tout bout fè, tout moso kwiv, tout moso plon,
But gold and silver and brass and iron and tin and lead,
 πλὴν τοῦ χρυσίου και τοῦ ἀργυρίου και χαλκοῦ και σιδήρου και μολίβου και κασσιτέρου

- 23 tou sa ki pa ka boule nan dife, n'a pase yo nan dife pou yo ka nan kondisyon sèvi pou moun k'ap sèvi Bondye. Men tou sa ki ka boule nan dife, se nan dlo yo mete apa pou sa a n'a pase yo pou yo ka nan kondisyon sèvi pou moun k'ap sèvi Bondye.
And anything which may be heated, is to go through the fire and be made clean; but in addition it is to be put in the water of cleaning: and anything which may not go through the fire is to be put in the water.
πάν πράγμα ὃ διελεύεται ἐν πυρὶ καὶ καθαρισθήσεται ἀλλ' ἢ τῷ ὕδατι τοῦ ἀγνισμοῦ ἀγνισθήσεται καὶ πάντα ὅσα ἐὰν μὴ διαπορευῆται διὰ πυρός διελεύεται δι' ὕδατος
- 24 Sou setyèm jou a, n'a lave rad ki sou nou yo. Konsa n'a nan kondisyon pou nou fè sèvis Bondye. Se lè sa a n'a ka antre nan kan an.
And on the seventh day, after washing your clothing, you will be clean, and then you may come into the tent-circle.
καὶ πλυνεῖσθε τὰ ἱμάτια τῆ ἡμέρα τῆ ἑβδόμη καὶ καθαρισθήσεσθε καὶ μετὰ ταῦτα εἰσελεύσεσθε εἰς τὴν παρεμβολήν
- 25 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 26 -Ou menm, Moyiz ak Eleaza, prèt la, ansanm ak tout lòt chèf pèp Izrayèl yo, n'a konte tou sa lame a te ranmase nan lagè a, san bliye bèt yo ak prizonye yo.
Get an account of everything which was taken in the war, of man and of beast, you and Eleazar the priest and the heads of families of the people:
λαβὲ τὸ κεφάλαιον τῶν σκύλων τῆς αἰχμαλωσίας ἀπὸ ἀνθρώπου ἕως κτήνους σὺ καὶ ελεάζαρ ὁ ἱερεὺς καὶ οἱ ἀρχόντες τῶν πατριῶν τῆς συναγωγῆς
- 27 Apre sa, n'a separe tout bagay mwaye pou mwaye, mwaye pou moun ki te al goumen yo, mwaye pou rès moun pèp Izrayèl yo.
And let division be made of it into two parts, one for the men of war who went out to the fight, and one for all the people:
καὶ διελεῖτε τὰ σκύλα ἀνὰ μέσον τῶν πολεμιστῶν τῶν ἐκπορευομένων εἰς τὴν παράταξιν καὶ ἀνὰ μέσον πάσης συναγωγῆς
- 28 Nan mwaye ki pou moun ki te al goumen yo, n'a wete yon pòsyon ki va tankou yon taks y'a peye pou Seyè a: sou chak senksan (500) moun, sou chak senksan bèt menm kalite, bèf, bourik, mouton, kabrit, w'a wete yonn pou Seyè a.
And from the men of war who went out let there be offered to the Lord one out of every five hundred, from the persons, and from the oxen and asses and sheep:
καὶ ἀφελεῖτε τέλος κυρίῳ παρὰ τῶν ἀνθρώπων τῶν πολεμιστῶν τῶν ἐκπεπορευμένων εἰς τὴν παράταξιν μίαν ψυχὴν ἀπὸ πεντακοσίων ἀπὸ τῶν ἀνθρώπων καὶ ἀπὸ τῶν κτηνῶν καὶ ἀπὸ τῶν βοῶν καὶ ἀπὸ τῶν προβάτων καὶ ἀπὸ τῶν αἰγῶν
- 29 Sa w'a wete nan mwaye ki pou moun ki te al goumen yo, w'a bay Eleaza, prèt la, tankou yon bagay yo pran pou Seyè a.
Take this from their part and give it to Eleazar the priest as an offering to be lifted up to the Lord.
καὶ ἀπὸ τοῦ ἡμίους αὐτῶν λήμψεσθε καὶ δώσετε ελεάζαρ τῷ ἱερεῖ τὰς ἀπαρχὰς κυρίου
- 30 Sou lòt mwaye ki rete pou rès moun pèp Izrayèl la, w'a pran yonn sou chak senkant moun, sou chak senkant bèt menm kalite, bèf, bourik, mouton, kabrit. Epi w'a bay moun Levi yo ki reskonsab Tant Randevou Seyè a.
And from the part given to the children of Israel, take one out of every fifty, from the persons, and from the oxen and asses and sheep, and give it to the Levites who have the care of the House of the Lord.
καὶ ἀπὸ τοῦ ἡμίους τοῦ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ λήμψη ἓνα ἀπὸ τῶν πενήκοντα ἀπὸ τῶν ἀνθρώπων καὶ ἀπὸ τῶν βοῶν καὶ ἀπὸ τῶν προβάτων καὶ ἀπὸ τῶν ὄνων καὶ ἀπὸ πάντων τῶν κτηνῶν καὶ δώσετε αὐτὰ τοῖς λευίταις τοῖς φυλάσσουσιν τὰς φυλακὰς ἐν τῇ σκινηῇ κυρίου
- 31 Moyiz ak Eleaza, prèt la, te fè tout bagay jan Seyè a te bay Moyiz lòd fè a.
So Eleazar and Moses did as the Lord had given orders to Moses.
καὶ ἐποίησεν μουσῆς καὶ ελεάζαρ ὁ ἱερεὺς καθὰ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 32 San konte sa sòlda yo te pran pou yo menm, men sa yo te pran nan men lènmi yo epi yo te pote bay Moyiz: sisanswasannkenzmil (675.000) mouton ak kabrit,33 swasanndouzmil (72.000) bèf,34 swasanteyenmil (61.000) bourik,35 tranndemil (32.000) jenn fi ki poko janm kouche ak gason.
Now the beasts taken, in addition to what the fighting-men took for themselves, were six hundred and seventy-five thousand sheep,
καὶ ἐγενήθη τὸ πλεόνασμα τῆς προνομῆς ὃ ἐπρονόμεισαν οἱ ἄνδρες οἱ πολεμισταὶ ἀπὸ τῶν προβάτων ἑξακόσιοι χιλιάδες καὶ ἑβδομήκοντα καὶ πέντε χιλιάδες
- 36 Yo pran mwaye ladan yo bay sòlda ki te al goumen yo. Epi yo wete sa ki pou Seyè a ladan l'. Sa te fè twasantrannsmil senksan (337.500) mouton ak kabrit,37 ak sisanswasannkenz (675) ladan yo pou Seyè a,38 tranmsmil (36.000) bèf ak swasanndouz ladan yo pou Seyè a,39 tranmsmil senksan (30.500) bourik ak swasanteyen ladan yo pou Seyè a,
And the half given as their part to the men who went to the war, was three hundred and thirty-seven thousand, five hundred sheep,
καὶ ἐγενήθη τὸ ἡμίσευμα ἡ μερὶς τῶν ἐκπεπορευμένων εἰς τὸν πόλεμον ἐκ τοῦ ἀριθμοῦ τῶν προβάτων τριακόσιοι καὶ τριάκοντα χιλιάδες καὶ ἑπτακισχίλια καὶ πεντακόσια
- 40 sèzmil (16.000) jenn fi ak trannde ladan yo pou Seyè a.
And the number of persons was sixteen thousand, of which the Lord's part was thirty-two persons.
καὶ ψυχαὶ ἀνθρώπων ἑκκαίδεκα χιλιάδες καὶ τὸ τέλος αὐτῶν κυρίῳ δύο καὶ τριάκοντα ψυχαὶ

- 41 Se konsa, Moyiz renmèt bay Eleaza, prèt la, tou sa yo te wete pou Seyè a, jan Seyè a te bay Moyiz lòd la.
And Moses gave the Lord's part, lifted up as an offering, to Eleazar the priest, as the Lord had given orders to Moses.
καὶ ἔδωκεν μουσῆς τὸ τέλος κυρίῳ τὸ ἀφάιρεμα τοῦ θεοῦ ελεάζαρ τῷ ἱερεῖ καθὼ συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 42 Lòt mwatye a te pou rès pèp Izrayèl la. Lè Moyiz fin wete sa ki te pou sòlda yo,
And from the half given to the children of Israel, which Moses had kept separate from that given to the fighting-men,
ἀπὸ τοῦ ἡμισεύματος τῶν υἱῶν ἰσραηλ οὓς διεῖλεν μουσῆς ἀπὸ τῶν ἀνδρῶν τῶν πολεμιστῶν
- 43 men sa ki te rete: twasantrannsmil senksan (337.500) mouton ak kabrit,
(Now the people's half was three hundred and thirty-seven thousand, five hundred sheep,
καὶ ἐγένετο τὸ ἡμίσευμα τὸ τῆς συναγωγῆς ἀπὸ τῶν προβάτων τριακόσιν χιλιάδες καὶ τριάκοντα χιλιάδες καὶ ἑπτακισχίλια καὶ πεντακόσια
- 44 transmil (36.000) bèf,
And thirty-six thousand oxen,
καὶ βόες ἕξ καὶ τριάκοντα χιλιάδες
- 45 trantmil senksan (30.500) bourik ak
And thirty thousand, five hundred asses,
ὄνοι τριάκοντα χιλιάδες καὶ πεντακόσιοι
- 46 sèzmil (16.000) jenn fi.
And sixteen thousand persons;
καὶ ψυχὰι ἀνθρώπων ἕξ καὶ δέκα χιλιάδες
- 47 Sou mwatye ki te pou rès moun pèp Izrayèl la, Moyiz pran yon moun sou chak senkant moun ak yon bèt sou chak senkant bèt menm kalite, li bay moun Levi yo ki te reskonsab tant Seyè a, jan Seyè a te bay Moyiz lòd la.
Even from the children of Israel's half, Moses took one out of every fifty, men and beasts, and gave them to the Levites who had the care of the House of the Lord; as the Lord gave orders to Moses.
καὶ ἔλαβεν μουσῆς ἀπὸ τοῦ ἡμισεύματος τῶν υἱῶν ἰσραηλ τὸ ἓν ἀπὸ τῶν πενήκοντα ἀπὸ τῶν ἀνθρώπων καὶ ἀπὸ τῶν κτηνῶν καὶ ἔδωκεν αὐτὰ τοῖς λευίταις τοῖς φυλάσσουσιν τὰς φυλακὰς τῆς σκηνῆς κυρίου ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ
- 48 ¶ Lè sa a, tout moun ki te chèf lame a, chèf divizyon mil yo ak chèf konpayi san yo, yo tout vin jwenn Moyiz.
Then the men in authority over the thousands of the army, the captains of thousands and captains of hundreds, came to Moses,
καὶ προσῆλθον πρὸς μουσῆν πάντες οἱ καθεσταμένοι εἰς τὰς χιλιαρχίας τῆς δυνάμεως χιλιαρχοὶ καὶ ἑκατόνταρχοι
- 49 Epi yo di l': -Nou konte kantite sòlda ki te sou kont nou yo, nou jwenn yo tout la.
And said to him, Your servants have taken note of the number of all the fighting-men under our orders, and every one is present;
καὶ εἶπαν πρὸς μουσῆν οἱ παῖδές σου εἰλήφασιν τὸ κεφάλαιον τῶν ἀνδρῶν τῶν πολεμιστῶν τῶν παρ' ἡμῶν καὶ οὐ διαπεφώνηκεν ἀπ' αὐτῶν οὐδὲ εἷς
- 50 Se poutèt sa, n'ap pote tout bijou lò nou te jwenn epi nou te pran: braslè, chennèt, bag, zanno, chenn ak meday, n'ap ofri yo bay Seyè a pou li ka fè nou gras.
And we have here an offering for the Lord from what every man took in the war, ornaments of gold, leg-chains and arm-rings, finger-rings, ear-rings, and neck-ornaments, to make our souls free from sin before the Lord.
καὶ προσενηγόμαμεν τὸ δῶρον κυρίῳ ἀνὴρ ὃ εὔρεν σκεῦος χρυσοῦν χλιδῶνα καὶ ψέλιον καὶ δακτύλιον καὶ περιδέξιον καὶ ἐμπλόκιον ἐξιλιάσασθαι περὶ ἡμῶν ἔναντι κυρίου
- 51 Moyiz ak Eleaza, prèt la, resevwa tout bijou lò yo te pote yo.
So Moses and Eleazar the priest took the gold from them, even all the worked ornaments.
καὶ ἔλαβεν μουσῆς καὶ ελεάζαρ ὁ ἱερεὺς τὸ χρυσίον παρ' αὐτῶν πᾶν σκεῦος εἰργασμένον
- 52 Sa te fè katsan (400) liv konsa chèf divizyon mil yo ak chèf konpayi san yo te pote bay Moyiz ak Eleaza ki te resevwa yo pou Seyè a.
And the gold which the captains of thousands and captains of hundreds gave, as an offering to be lifted up before the Lord, came to sixteen thousand, seven hundred and fifty shekels.
καὶ ἐγένετο πᾶν τὸ χρυσίον τὸ ἀφάιρεμα ὃ ἀφείλον κυρίῳ ἕξ καὶ δέκα χιλιάδες καὶ ἑπτακόσιοι καὶ πενήκοντα σίκλοι παρὰ τῶν χιλιαρχῶν καὶ παρὰ τῶν ἑκατοντάρχων
- 53 Men, sòlda yo menm te kenbe sa yo te pran pou tèt pa yo.
(For every man of the army had taken goods for himself in the war.)
καὶ οἱ ἄνδρες οἱ πολεμισταὶ ἐπρονόμεισαν ἕκαστος ἑαυτῷ

- 54 Se konsa Moyiz ak Eleaza, prèt la, pran lò chèf divizyon mil ak chèf konpayi san yo te pote ba yo a, yo pote l' nan Tant Randevou a, pou Seyè a te ka toujou chonje pwoteje pèp Izrayèl la.
Then Moses and Eleazar the priest took the gold given by the captains of thousands and captains of hundreds, and took it into the Tent of meeting, to be a sign in memory of the children of Israel before the Lord.
καὶ ἔλαβεν μουσῆς καὶ ελεάζαρ ὁ ἱερεὺς τὸ χρυσίον παρὰ τῶν χιλιάρχων καὶ παρὰ τῶν ἑκατοντάρχων καὶ εἰσήνεγκεν αὐτὰ εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου μνημόσυνον τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἔναντι κυρίου
- 1 ¶ Moun branch fanmi Woubenn ak moun branch fanmi Gad yo te gen anpil anpil bèt. Lè yo wè jan peyi Jazè a ak peyi Galarad la te bon pou fè gadinaj,
Now the children of Reuben and the children of Gad had a great number of cattle: and when they saw that the land of Jazer and the land of Gilead was a good place for cattle;
καὶ κτήνη πλῆθος ἦν τοῖς υἱοῖς ρουβην καὶ τοῖς υἱοῖς γαδ πλῆθος σφόδρα καὶ εἶδον τὴν χώραν ιαζερ καὶ τὴν χώραν γαλααδ καὶ ἦν ὁ τόπος τόπος κτήνεσιν
- 2 yo vin jwenn Moyiz, Eleaza, prèt la, ak chèf fanmi pèp Izrayèl yo, yo di yo konsa:
The children of Gad and the children of Reuben came and said to Moses and to Eleazar the priest and to the chiefs of the meeting,
καὶ προσελθόντες οἱ υἱοὶ ρουβην καὶ οἱ υἱοὶ γαδ εἶπαν πρὸς μουσῆν καὶ πρὸς ελεάζαρ τὸν ἱερέα καὶ πρὸς τοὺς ἄρχοντας τῆς συναγωγῆς λέγοντες
- 3 -Tout rejyon kote nou jwenn lavil sa yo: Atawo, Dibon, Jazè, Nimra, Esbon, Eleyale, Sèbam, Nebo ak Biyon,
Ataroth, and Dibon, and Jazer, and Nimrah, and Heshbon, and Elealeh, and Sebam, and Nebo, and Beon,
αταρωθ καὶ δαιβον καὶ ιαζερ καὶ ναμβρα καὶ εσεβον καὶ ελεαλη καὶ σεβαμα καὶ ναβαν καὶ βαιαν
- 4 tout peyi Seyè a te ede moun pèp Izrayèl yo pran pou yo bò isit la, se tè ki bon pou fè gadinaj, lèfini nou menm nou gen anpil bèt.
The land which the Lord gave into the hands of the children of Israel, is a land for cattle, and your servants have cattle.
τὴν γῆν ἣν παρέδωκεν κύριος ἐνόπιον τῶν υἱῶν ἰσραὴλ γῆ κτηνοτρόφος ἐστὶν καὶ τοῖς παισὶν σου κτήνη ὑπάρχει
- 5 Tanpri, si ou vle fè nou favè sa a, ban nou peyi sa a pou pòsyon pa nou. Pa fòse nou janbe lòt bò larivyè Jouden an.
And they said, With your approval, let this land be given to your servants as their heritage: do not take us over Jordan.
καὶ ἔλεγον εἰ εὐρομεν χάριν ἐνόπιόν σου δοθήτω ἡ γῆ αὐτῆ τοῖς οἰκέταις σου ἐν κατασχέσει καὶ μὴ διαβιβάσης ἡμᾶς τὸν ἰορδάνην
- 6 Moyiz reponn yo: -Nou ta renmen rete isit la pandan lòt frè nou yo pral nan goumen?
And Moses said to the children of Gad and the children of Reuben, Are your brothers to go to the war, while you take your rest here?
καὶ εἶπεν μουσῆς τοῖς υἱοῖς γαδ καὶ τοῖς υἱοῖς ρουβην οἱ ἀδελφοὶ ὑμῶν πορεύονται εἰς πόλεμον καὶ ὑμεῖς καθήσεσθε αὐτοῦ
- 7 Poukisa nou vle dekouraje moun pèp Izrayèl yo pou yo pa ale nan peyi Seyè a ba yo a?
Why would you take from the children of Israel the desire to go over into the land which the Lord has given them?
καὶ ἵνα τί διαστρέφετε τὰς διανοίας τῶν υἱῶν ἰσραὴλ μὴ διαβῆναι εἰς τὴν γῆν ἣν κύριος δίδωσιν αὐτοῖς
- 8 Se menm bagay la zansèt nou yo te fè wi lè mwen te voye yo ale vizite peyi a antan nou te Kadès Banea.
So did your fathers, when I sent them from Kadesh-barnea to see the land.
οὐχ οὕτως ἐποίησαν οἱ πατέρες ὑμῶν ὅτε ἀπέστειλα αὐτοὺς ἐκ καθῆς βαρνη κατανοῆσαι τὴν γῆν
- 9 Yo moute jouk nan ravin Echkòl la, yo vizite tout peyi a. Apre sa, yo dekouraje moun pèp Izrayèl yo pou yo pa antre nan peyi Seyè a te ba yo a.
For when they went up to the valley of Eshcol, and saw the land, they took from the children of Israel the desire to go into the land which the Lord had given them.
καὶ ἀνέβησαν φάραγγα βότρου καὶ κατενόησαν τὴν γῆν καὶ ἀπέστησαν τὴν καρδίαν τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ὅπως μὴ εἰσέλθωσιν εἰς τὴν γῆν ἣν ἔδωκεν κύριος αὐτοῖς
- 10 Jou sa a, Seyè a te move anpil sou yo. Li sèman, li di konsa:
And at that time the Lord was moved to wrath, and made an oath, saying,
καὶ ὠργίσθη θυμῷ κύριος ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ ὄμοσεν λέγων
- 11 Okenn nan gason ki te gen ventan osinon ki te pi gran lè yo te sotif kite peyi Lejip p'ap mete pwent pye yo nan peyi mwen te pwomèt sou sèman m'ap bay Abraram, Izarak ak Jakòb la, paske yo pa t' kenbe pawòl yo ak mwen,
Truly, not one of the men of twenty years old and over who came out of Egypt will see the land which I gave by oath to Abraham, Isaac, and Jacob; because they have not been true to me with all their heart;
εἰ ὄντοισι οἱ ἄνθρωποι οὗτοι οἱ ἀναβάντες ἐξ αἰγύπτου ἀπὸ εἰκοσαετοῦς καὶ ἐπάνω οἱ ἐπιστάμενοι τὸ κακὸν καὶ τὸ ἀγαθὸν τὴν γῆν ἣν ὄμοσα τῷ ἀβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ ἰακωβ οὐ γὰρ συνεπηκολούθησαν ὀπίσω μου
- 12 an wetan Kalèb, pitit gason Jefoune, moun fanmi Kenaz yo, ak Jozye, pitit gason Noun lan. Se yo menm sèlman ki te toujou swiv Seyè a san mank.
But only Caleb, the son of Jephunneh the Kenizzite, and Joshua, the son of Nun: because they have been true to the Lord.
πλὴν χαλεβ υἱὸς ἰεφοννη ὁ διακεχωρισμένος καὶ ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυι ὅτι συνεπηκολούθησεν ὀπίσω κυρίου

- 13 Se konsa, Seyè a fè you sèl move sou pèp Izrayèl la, li fè you moute desann nan dezè a pandan karantan, jouk dènye moun ki te fè sa ki mal devan Seyè a mouri.
Then the Lord was angry with Israel, and he made them wanderers in the waste land for forty years? till all that generation who had done evil in the eyes of the Lord was dead.
καὶ ὀργίσθη θυμῷ κύριος ἐπὶ τὸν Ἰσραὴλ καὶ κατερρόμβευσεν αὐτοὺς ἐν τῇ ἐρήμῳ τεσσαράκοντα ἔτη ἕως ἐξανηλώθη πᾶσα ἡ γενεὰ οἱ ποιοῦντες τὰ πονηρὰ ἔναντι κυρίου
- 14 Epi koulye a, nou vle fè tankou papa nou yo? Ou byen wè se pitit yo nou ye vre! Nou pral fè Seyè a pi move ankò sou pèp Izrayèl la.
And now you have come to take the place of your fathers, another generation of sinners, increasing the wrath of the Lord against Israel.
ἰδοὺ ἀνέστητε ἀντὶ τῶν πατέρων ὑμῶν σύστρεμμα ἀνθρώπων ἀμαρτωλῶν προσθεῖναι ἔτι ἐπὶ τὸν θυμὸν τῆς ὀργῆς κυρίου ἐπὶ Ἰσραὴλ
- 15 Si nou vire do nou ba li, l'a fè pèp la rete pi lontan ankò nan dezè a. Se nou menm ki va lakòz pèp la fini nèt.
For if you are turned away from him, he will send them wandering again in the waste land; and you will be the cause of the destruction of all this people.
ὅτι ἀποστραφήσεθε ἀπ' αὐτοῦ προσθεῖναι ἔτι καταλιπεῖν αὐτὸν ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ ἀνομήσετε εἰς ὅλην τὴν συναγωγὴν ταύτην
- 16 ¶ Yo pwoche bò Moyiz, yo di l' konsa: -Pou konmanse, nou ta renmen moute kloti ak wòch pou fèmen pak bèt nou yo, epi nou ta renmen bati lavil ak ranpa pou pitit nou yo.
Then they came to him, and said, We will make safe places for our cattle here, and towns for our little ones;
καὶ προσῆλθον αὐτῷ καὶ ἔλεγον ἐπαύλεις προβάτων οἰκοδομήσωμεν ὧδε τοῖς κτήνεσιν ἡμῶν καὶ πόλεις ταῖς ἀποσκευαῖς ἡμῶν
- 17 Men, nou menm gason yo, nou tou pare pou n' ale goumen ansanm ak rès moun pèp Izrayèl yo, pou nou pran devan lè n'ap atake lènmi jouk you rive nan peyi ki pou yo a. Pandan tan sa a, moun pa nou yo menm va rete isit la nan lavil ak ranpa yo kote moun peyi a p'ap ka fè yo anyen.
But we ourselves will be ready armed to go before the children of Israel till we have taken them to their place: but our little ones will be safe in the walled towns against the people of the land.
καὶ ἡμεῖς ἐνοπλισάμενοι προφυλακὴ πρότεροι τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ ἕως ἂν ἀγάγωμεν αὐτοὺς εἰς τὸν αὐτῶν τόπον καὶ κατοικήσει ἡ ἀποσκευὴ ἡμῶν ἐν πόλεσιν τετειχισμέναις διὰ τοὺς κατοικοῦντας τὴν γῆν
- 18 Nou p'ap tounen lakay nou toutotan tout lòt moun nan pèp Izrayèl la poko jwenn pòsyon tè ki pou yo a.
We will not come back to our houses till every one of the children of Israel has come into his heritage.
οὐ μὴ ἀποστραφῶμεν εἰς τὰς οἰκίας ἡμῶν ἕως ἂν καταμερισθῶσιν οἱ υἱοὶ Ἰσραὴλ ἕκαστος εἰς τὴν κληρονομίαν αὐτοῦ
- 19 Nou p'ap pran anyen nan tè ki pou yo lòt bò larivyè Jouden an, paske yo ban nou tè ki bò isit larivyè Jouden an, sou kote solèy leve a, pou pòsyon pa nou.
For we will not have our heritage with them on the other side of Jordan and forward; because our heritage has come to us on this side of Jordan to the east.
καὶ οὐκ ἐτι κληρονομήσωμεν ἐν αὐτοῖς ἀπὸ τοῦ πέραν τοῦ ἰορδάνου καὶ ἐπέκεινα ὅτι ἀπέχομεν τοὺς κλήρους ἡμῶν ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν ἀνατολαῖς
- 20 Moyiz di yo konsa: -Si nou fè tou sa nou sot di la a, si vreman vre nou pare pou n' al goumen devan Seyè a,
Then Moses said to them, If you will do this, arming yourselves to go before the Lord to the war,
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς μουσῆς ἐὰν ποιήσετε κατὰ τὸ ῥῆμα τοῦτο ἐὰν ἐξοπλίσηθε ἔναντι κυρίου εἰς πόλεμον
- 21 si tout gason ki ka goumen pami nou yo janbe lòt bò larivyè Jouden an devan Seyè a, jouk Seyè a va fin kraze tout lènmi l' yo devan li,
Every armed man of you going across Jordan before the Lord till he has overcome and sent in flight all who are against him,
καὶ παρελεύσεται ὑμῶν πᾶς ὀπλίτης τὸν ἰορδάνην ἔναντι κυρίου ἕως ἂν ἐκτριβῇ ὁ ἐχθρὸς αὐτοῦ ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ
- 22 enben, apre tout peyi a va tonbe anba men Seyè a, n'a tounen vin lakay nou, paske n'a fin fè tou sa nou te dwe fè pou Seyè a ak pou pèp Izrayèl la. Lè sa a, tout peyi ki bò isit la va rele nou pa nou devan Seyè a.
And the land is under the rule of the Lord: then after that you may come back, having done no wrong to the Lord and to Israel; and this land will be yours for your heritage before the Lord.
καὶ κατακυριευθῆ ἡ γῆ ἔναντι κυρίου καὶ μετὰ ταῦτα ἀποστραφήσεθε καὶ ἔσεσθε ἀθῶοι ἔναντι κυρίου καὶ ἀπὸ Ἰσραὴλ καὶ ἔσται ἡ γῆ αὕτη ὑμῖν ἐν κατασχέσει ἔναντι κυρίου
- 23 Men, si nou pa fè tou sa, konnen se kont Seyè a menm n'a peche. N'a peye konsekans peche nou an.
But if you do not do this, then you are sinners against the Lord; and you may be certain that your sin will have its reward.
ἐὰν δὲ μὴ ποιήσετε οὕτως ἀμαρτήσεσθε ἔναντι κυρίου καὶ γνώσεσθε τὴν ἀμαρτίαν ὑμῶν ὅταν ὑμᾶς καταλάβῃ τὰ κακά
- 24 Nou mèt bati lavil ak ranpa pou moun pa nou yo. Nou mèt moute lantouraj pou mete bèt nou yo nan pak. Men, se pou nou fè sa nou pwomèt n'ap fè a.
So get to work building your towns for your little ones, and safe places for your sheep; and do as you have said.
καὶ οἰκοδομήσετε ὑμῖν αὐτοῖς πόλεις τῇ ἀποσκευῇ ὑμῶν καὶ ἐπαύλεις τοῖς κτήνεσιν ὑμῶν καὶ τὸ ἐκπορευόμενον ἐκ τοῦ στόματος ὑμῶν ποιήσετε
- 25 Moun fanmi Woubenn yo ak moun fanmi Gad yo di konsa: -Mèt, n'ap fè tou sa ou mande nou fè.
And the children of Gad and the children of Reuben said to Moses, Your servants will do as my lord says.
καὶ εἶπαν οἱ υἱοὶ ρουβὴν καὶ οἱ υἱοὶ γαδ πρὸς μουσῆν λέγοντες οἱ παῖδες σου ποιήσουσιν καθὰ ὁ κύριος ἡμῶν ἐντέλλεται

- 26 Pitit nou yo va rete nan lavil ki nan peyi Galarad yo ansanm ak madanm nou yo ak tout bèf, tout mouton ak tout kabrit nou yo,
Our little ones, our wives, and our flocks, and all our cattle, will be there in the towns of Gilead;
ή άποσκευή ήμών και αί γυναίκες ήμών και πάντα τά κτήνη ήμών έσονται έν ταις πόλειςιν γαλααδ
- 27 Men, nou menm gason ki pare pou n' al goumen yo, n'ap pase devan Seyè a pou n' al fè lagè jan ou di l' la.
But your servants will go over, every man armed for war, before the Lord to the fight, as my lord says.
οί δε παιδες σου παρελεύσονται πάντες ένωπλισμένοι και εκτεταγμένοι έναντι κυρίου εις τον πόλεμον όν τρόπον ό κύριος λέγει
- 28 ¶ Lè sa a, Moyiz bay Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl la lòd sa a sou moun sa yo.
So Moses gave orders about them to Eleazar the priest and to Joshua, the son of Nun, and to the heads of families of the tribes of the children of Israel.
και συνέστησεν αυτοίς μουσης ελεαζαρ τον ιερέα και ιησουν υιον ναυη και τους άρχοντας πατριών των φυλών ισραηλ
- 29 Li di yo: -Si gason nan branch fanmi Woubenn ak nan branch fanmi Gad yo janbe lòt bò larivyè Jouden an avèk nou tou pare pou y' al goumen devan Seyè a, lè tout peyi a va anba men nou, n'a ba yo tè peyi Galarad la pou yo.
And Moses said to them, If the children of Gad and the children of Reuben go with you over Jordan, every man armed for the fight before the Lord, and all the land is given into your hands, then let them have the land of Gilead for a heritage:
και ειπεν προς αυτοις μουσης έν διαβώσιν οι υιοί ρουβην και οι υιοί γαδ μεθ' ήμών τον ιορδάνην πās ένωπλισμένος εις πόλεμον έναντι κυρίου και κατακυριεύσητε τής γής άπέναντι ήμών και δώσεται αυτοίς την γήν γαλααδ έν κατασχέσει
- 30 Men, si yo pa janbe lòt bò larivyè Jouden an pou y' al goumen avèk nou, y'a resewva pòsyon tè pa yo nan peyi Kanaran an ansanm ak nou.
But if they do not go over with you armed, they will have to take their heritage with you in the land of Canaan.
έν δε μη διαβώσιν ένωπλισμένοι μεθ' ήμών εις τον πόλεμον έναντι κυρίου και διαβιβάσετε την άποσκευήν αυτών και τās γυναίκασ αυτών και τά κτήνη αυτών πρότερα ήμών εις γήν χανααν και συγκ ατακληρονομηθήσονται εν ήμιν έν τη γή χανααν
- 31 Mesye branch fanmi Woubenn ak branch fanmi Gad yo reponn Moyiz, yo di l' konsa: -N'a fè tou sa Seyè a mande nou fè. Se sèvitè li nou ye.
Then the children of Gad and the children of Reuben said, As the Lord has said to your servants, so will we do.
και άπεκρίθησαν οι υιοί ρουβην και οι υιοί γαδ λέγοντες όσα ό κύριος λέγει τοίς θεράποουσιν αυτου ούτως ποιήσομεν
- 32 N'a janbe lòt bò larivyè a tou pare pou n' al goumen devan Seyè a, n'a antre nan peyi Kanaran an. Men toutjan, nou mande pou yo ban nou pòsyon tè ki bò isit larivyè Jouden an pou nou.
We will go over armed before the Lord into the land of Canaan, and you will give us our heritage on this side of Jordan.
ήμεις διαβησόμεθα ένωπλισμένοι έναντι κυρίου εις γήν χανααν και δώσετε την κατάσχεσιν ήμιν έν τῷ πέραν του ιορδάνου
- 33 Se konsa Moyiz pran tout peyi Amori ki te pou wa Siyon, ak peyi Bazan ki te pou wa Og, avèk tout lavil ki nan limit fwontyè peyi yo, li bay moun fanmi Gad yo, moun fanmi Woubenn yo ak mwatye moun ki nan fanmi Manase, pitit gason Jozèf la.
So Moses gave to them, even to the children of Gad and the children of Reuben and to the half-tribe of Manasseh, the son of Joseph, the kingdom of Sihon, king of the Amorites and Og, king of Bashan, all the land with its towns and the country round them.
και έδωκεν αυτοίς μουσης τοίς υιοίς γαδ και τοίς υιοίς ρουβην και τῷ ήμίσει φυλῆς μανασση υιόν ιωσηφ την βασιλείαν σηων βασιλέωσ αμορραίων και την βασιλείαν ογ βασιλέωσ τής βασαν την γήν και τās πόλεις σὺν τοίς όρίοις αυτης πόλεις τής γής κύκλω
- 34 Moun fanmi Gad yo rebati tout lavil sa yo: Dibon, Atawòt, Awoyè,
And the children of Gad were the builders of Dibon and Ataroth and Aroer;
και ήκοδόμησαν οι υιοί γαδ την δαιβων και την αταρωθ και την αροηρ
- 35 Atawo, Sofam, Jaze ak Jobeya,
And Atroth-shophan and Jazer and Jogbehah;
και την σοφαρ και την ιαζηρ και ήψωσαν αυτās
- 36 Bèt-Nimra, Bèt aran. Yo rebati yo avèk ranpa pou pwoteje yo, yo fè pak tou pou mouton ak kabrit.
And Beth-nimrah and Beth-haran: walled towns and shut-in places for sheep.
και την ναμβραν και την βαιθαραν πόλεις όχυράσ και έπαύλεισ προβάτων
- 37 Moun fanmi Woubenn yo menm rebati lavil sa yo: Esbon, Elealè, Kiryatayim,
And the children of Reuben were the builders of Heshbon and Elealeh and Kiriathaim;
και οι υιοί ρουβην ήκοδόμησαν την εσεβων και ελεαλη και καριαθαιμ

- 38 Nebo, Baal Meyon ak Sibma. Yo te chanje non lavil Nebo ak Baal Meyon. Yo bay tout lavil yo rebati yo lòt non.
And Nebo and Baal-meon, (their names being changed,) and Sibmah: and they gave other names to the towns they made.
καὶ τὴν βεελμεων περικεκκυλωμένας καὶ τὴν σεβामα καὶ ἐπωνόμασαν κατὰ τὰ ὀνόματα αὐτῶν τὰ ὀνόματα τῶν πόλεων ὡς ᾠκοδόμησαν
- 39 Moun fanmi Maki, pitit gason Manase a, pati pou peyi Galarad kote moun Amori yo te rete a. Yo anvayi tout peyi a, yo mete moun Amori yo deyò.
And the children of Machir, the son of Manasseh, went to Gilead and took it, driving out the Amorites who were living there.
καὶ ἐπορεύθη υἱὸς μαχίρ υἱοῦ μανασση εἰς γαλααδ καὶ ἔλαβεν αὐτὴν καὶ ἀπόλεσεν τὸν αμορραῖον τὸν κατοικοῦντα ἐν αὐτῇ
- 40 Se konsa tou, Moyiz bay moun fanmi Maki, pitit gason Manase a, peyi Galarad la pou yo rete.
And Moses gave Gilead to Machir, the son of Manasseh; and he made it his living-place.
καὶ ἔδωκεν μουσῆς τὴν γαλααδ τῷ μαχίρ υἱῷ μανασση καὶ κατόκησεν ἐκεῖ
- 41 Moun fanmi Jayi, pitit gason Manase a, al atake yon seri ti bouk. Yo anvayi yo epi yo rele yo Bouk Jayi.
And Jair, the son of Manasseh, went and took the towns of Gilead, naming them Havvoth-Jair.
καὶ αἰῖρ ὁ τοῦ μανασση ἐπορεύθη καὶ ἔλαβεν τὰς ἐπαύλεις αὐτῶν καὶ ἐπωνόμασεν αὐτάς ἐπαύλεις αἰῖρ
- 42 Noba menm al atake lavil Kenat ak lòt ti bouk ki sou lòd li yo. I' anvayi I', epi li ba li non I'. Li rele I' Noba.
And Nobah went and took Kenath and its small towns, naming it Nobah, after himself.
καὶ ναβαν ἐπορεύθη καὶ ἔλαβεν τὴν κανααθ καὶ τὰς κώμας αὐτῆς καὶ ἐπωνόμασεν αὐτὰς ναβωθ ἐκ τοῦ ὀνόματος αὐτοῦ
- 1 ¶ Men non tout kote moun Izrayèl yo te pase depi apre yo tout te soti kite peyi Lejip tankou yon lame, avèk Moyiz ak Arawon alatèt yo.
These are the journeys of the children of Israel, when they went out of the land of Egypt in their armies, under the direction of Moses and Aaron.
καὶ οὗτοι σταθμοὶ τῶν υἱῶν ἰσραηλ ὡς ἐξῆλθον ἐκ γῆς αἰγύπτου σὺν δυνάμει αὐτῶν ἐν χειρὶ μουσῆ καὶ ααρων
- 2 Dapre lòd Seyè a te bay Moyiz, chak kote yo te rive, li te make non kote a anvan yo reprann vwayaj yo.
And the stages of their journey on their way out were put down in writing by Moses at the order of the Lord: these are the stages of their journey and the way they went.
καὶ ἔγραψεν μουσῆς τὰς ἀπάρσεις αὐτῶν καὶ τοὺς σταθμοὺς αὐτῶν διὰ ῥήματος κυρίου καὶ οὗτοι σταθμοὶ τῆς πορείας αὐτῶν
- 3 Moun pèp Izrayèl yo te kite lavil Ranmsès jou ki te kenzèm jou nan premye mwa a, yon jou apre premye Fèt Delivrans lan. Yo soti kite peyi a devan je tout moun peyi Lejip yo san pesonn pa di yo anyen.
On the fifteenth day of the first month they went out from Rameses; on the day after the Passover the children of Israel went out by the power of the Lord before the eyes of all the Egyptians, ἀπήραν ἐκ ραμεσση τῷ μηνὶ τῷ πρώτῳ τῆ πεντεκαιδεκάτῃ ἡμέρᾳ τοῦ μηνὸς τοῦ πρώτου τῆ ἐπαύριον τοῦ πασχα ἐξῆλθον οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἐν χειρὶ ὑψηλῆ ἐναντίον πάντων τῶν αἰγυπτίων
- 4 Lè sa a, moun peyi Lejip yo t'ap antere premye pitit gason yo. Se Seyè a menm ki te touye yo. Se konsa li te fè wè li gen plis pouvwa pase bondye moun peyi Lejip yo
While the Egyptians were placing in the earth the bodies of their sons on whom the Lord had sent destruction: and their gods had been judged by him.
καὶ οἱ αἰγύπτιοι ἔθαπτον ἐξ αὐτῶν τοὺς τεθνηκότας πάντας οὗς ἐπάταξεν κύριος πᾶν πρωτότοκον ἐν γῆ αἰγύπτω καὶ ἐν τοῖς θεοῖς αὐτῶν ἐποίησεν τὴν ἐκδίκησιν κύριος
- 5 Moun pep Izrayèl yo kite lavil Ranmsès, yo rive yon kote ki rele Soukòt. Se la yo moute kan yo.
So the children of Israel went from Rameses and put up their tents in Succoth.
καὶ ἀπάραντες οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἐκ ραμεσση παρενέβαλον εἰς σοκχωθ
- 6 Apre sa, yo kite Soukòt, y' al moute kan yo Etam ki sou limit dezè a.
And they went on from Succoth and put up their tents in Etham on the edge of the waste land.
καὶ ἀπήραν ἐκ σοκχωθ καὶ παρενέβαλον εἰς βουθαν ὃ ἐστὶν μέρος τι τῆς ἐρήμου
- 7 Yo kite Elam, yo tounen sou Pi ayiwòt, ki anfas Baal-Sefon, bò solèy leve, epi yo moute kan yo devan Migdòl.
And from Etham, turning back to Pi-hahiroth which is before Baal-zephon, they put up their tents before Migdol.
καὶ ἀπήραν ἐκ βουθαν καὶ παρενέβαλον ἐπὶ στόμα εἰρωθ ὃ ἐστὶν ἀπέναντι βεελσεπφον καὶ παρενέβαλον ἀπέναντι μαγδώλου
- 8 Yo kite Pi ayiwòt, yo travèse Lanmè Wouj la, yo rive nan dezè a. Yo pase twa jou ap mache nan dezè Etam lan, yo rive Mara kote yo moute kan yo.
And journeying on from before Hahiroth, they went through the sea into the waste land: they went three days' journey through the waste land of Etham and put up their tents in Marah.
καὶ ἀπήραν ἀπέναντι εἰρωθ καὶ διέβησαν μέσον τῆς θαλάσσης εἰς τὴν ἔρημον καὶ ἐπορεύθησαν ὁδὸν τριῶν ἡμερῶν διὰ τῆς ἐρήμου αὐτοὶ καὶ παρενέβαλον ἐν πικρίασι
- 9 Yo kite Mara, yo rive Elim kote ki te gen douz sous dlo ak swasanndis pye palmis. Yo moute kan yo la.
And from Marah they went on to Elim: and in Elim there were twelve water-springs and seventy palm-trees; and they put up their tents there.
καὶ ἀπήραν ἐκ πικριῶν καὶ ἦλθον εἰς αἰλιμ καὶ ἐν αἰλιμ δώδεκα πηγαὶ ὕδατων καὶ ἑβδομήκοντα στελέχη φοινίκων καὶ παρενέβαλον ἐκεῖ παρὰ τὸ ὕδωρ

- 10 Yo kite Elim, y' al moute kan yo toupre Lanmè Wouj la.
And they went on from Elim and put up their tents by the Red Sea.
καὶ ἀπῆραν ἐξ αἰλιμ καὶ παρενέβαλον ἐπὶ θάλασσαν ἐρυθράν
- 11 Yo kite Lanmè Wouj, y' al moute kan yo nan dezè Zin lan.
Then from the Red Sea they went on and put up their tents in the waste land of Sin.
καὶ ἀπῆραν ἀπὸ θαλάσσης ἐρυθρᾶς καὶ παρενέβαλον εἰς τὴν ἔρημον σιν
- 12 Yo kite dezè Zin lan, y' al moute kan yo Dofka.
And they went on from the waste land of Sin, and put up their tents in Dophkah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ τῆς ἐρήμου σιν καὶ παρενέβαλον εἰς ραφακα
- 13 Yo kite Dofka, y' al moute kan yo Alouch.
And they went on from Dophkah, and put up their tents in Alush.
καὶ ἀπῆραν ἐκ ραφακα καὶ παρενέβαλον ἐν αἰλους
- 14 Yo kite Alouch, y' al moute kan yo Refidim kote pèp la pa t' jwenn dlo pou yo bwè a.
And they went on from Alush, and put up their tents in Rephidim, where there was no drinking-water for the people.
καὶ ἀπῆραν ἐξ αἰλους καὶ παρενέβαλον ἐν ραφιδιν καὶ οὐκ ἦν ὕδωρ τῷ λαῷ πιεῖν ἐκεῖ
- 15 Yo kite Refidim, y' al moute kan yo nan dezè Sinayi a.
And they went on from Rephidim, and put up their tents in the waste land of Sinai.
καὶ ἀπῆραν ἐκ ραφιδιν καὶ παρενέβαλον ἐν τῇ ἐρήμῳ σινα
- 16 Yo kite dezè Sinayi a, y' al moute kan yo Simityè Grangou.
And they went on from the waste land of Sinai and put up their tents in Kibroth-hattaavah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ τῆς ἐρήμου σινα καὶ παρενέβαλον ἐν μνήμασιν τῆς ἐπιθυμίας
- 17 Yo kite Simityè Grangou, y' al moute kan yo Azewòt.
And they went on from Kibroth-hattaavah, and put up their tents in Hazeroth.
καὶ ἀπῆραν ἐκ μνημάτων ἐπιθυμίας καὶ παρενέβαλον ἐν ασηρωθ
- 18 Yo kite Azewòt, y' al moute kan yo Ritma.
And they went on from Hazeroth, and put up their tents in Rithmah.
καὶ ἀπῆραν ἐξ ασηρωθ καὶ παρενέβαλον ἐν ραθαμα
- 19 Yo kite Ritma, y' al moute kan yo Rimonn Perèz.
And they went on from Rithmah, and put up their tents in Rimmon-perez.
καὶ ἀπῆραν ἐκ ραθαμα καὶ παρενέβαλον ἐν ρεμμων φαρες
- 20 Yo kite Rimonn Perèz, y' al moute kan yo Libna.
And they went on from Rimmon-perez, and put up their tents in Libnah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ ρεμμων φαρες καὶ παρενέβαλον ἐν λεμωνα
- 21 Yo kite Libna, y' al moute kan yo Risa.
And they went on from Libnah, and put up their tents in Rissah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ λεμωνα καὶ παρενέβαλον εἰς δεσσα
- 22 Yo kite Risa, y' al moute kan yo Keyelata.
And they went on from Rissah, and put up their tents in Kehelathah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ δεσσα καὶ παρενέβαλον εἰς μακελλαθ
- 23 Yo kite Keyelata, y' al moute kan yo sou mòn Chefè a.
And they went on from Kehelathah, and put up their tents in Mount Shepher.
καὶ ἀπῆραν ἐκ μακελλαθ καὶ παρενέβαλον εἰς σαφαρ

- 24 Yo kite mòn Chefè a, y' al moute kan yo Arada.
And they went on from Mount Shepher, and put up their tents in Haradah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ σαφαρ καὶ παρενέβαλον εἰς χαραδαθ
- 25 Yo kite Arada, y' al moute kan yo Makelòt.
And they went on from Haradah, and put up their tents in Makheloth.
καὶ ἀπῆραν ἐκ χαραδαθ καὶ παρενέβαλον εἰς μακηλωθ
- 26 Yo kite Makelòt, y' al moute kan yo Tayat.
And they went on from Makheloth, and put up their tents in Tahath.
καὶ ἀπῆραν ἐκ μακηλωθ καὶ παρενέβαλον εἰς κατααθ
- 27 Yo kite Tayat, y' al moute kan yo Tara.
And they went on from Tahath, and put up their tents in Terah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ κατααθ καὶ παρενέβαλον εἰς ταραθ
- 28 Yo kite Tara, y' al moute kan yo Mitka.
And they went on from Terah, and put up their tents in Mithkah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ ταραθ καὶ παρενέβαλον εἰς ματεκκα
- 29 Yo kite Mitka, y' al moute kan yo Asmona.
And they went on from Mithkah, and put up their tents in Hashmonah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ ματεκκα καὶ παρενέβαλον εἰς σελμωνα
- 30 Yo kite Asmona, y' al moute kan yo Mosewòt.
And they went on from Hashmonah, and put up their tents in Moseroth.
καὶ ἀπῆραν ἐκ σελμωνα καὶ παρενέβαλον εἰς μασσουρουθ
- 31 Yo kite Mosewòt, y' al moute kan yo Benè-Jakan.
And they went on from Moseroth, and put up their tents in Bene-jaakan.
καὶ ἀπῆραν ἐκ μασσουρουθ καὶ παρενέβαλον εἰς βαναια
- 32 Yo kite Benè-Jakan, y' al moute kan yo Ogidgad.
And they went on from Bene-jaakan, and put up their tents in Hor-haggidgad.
καὶ ἀπῆραν ἐκ βαναια καὶ παρενέβαλον εἰς τὸ ὄρος γαδγαδ
- 33 Yo kite Ogidgad, y' al moute kan yo Jotbata.
And they went on from Hor-haggidgad, and put up their tents in Jotbathah.
καὶ ἀπῆραν ἐκ τοῦ ὄρους γαδγαδ καὶ παρενέβαλον εἰς ετεβαθα
- 34 Yo kite Jotbata, y' al moute kan yo Abwona.
And they went on from Jotbathah, and put up their tents in Abronah.
καὶ ἀπῆραν ἐξ ετεβαθα καὶ παρενέβαλον εἰς εβρωνα
- 35 Yo kite Abwona, y' al moute kan yo Ezyongebè.
And they went on from Abronah, and put up their tents in Ezion-geber.
καὶ ἀπῆραν ἐξ εβρωνα καὶ παρενέβαλον εἰς γεσιωνγαβερ
- 36 Yo kite Ezyongebè, y' al moute kan yo nan dezè Zin lan, ki vle di Kadès.
And they went on from Ezion-geber, and put up their tents in the waste land of Zin (which is Kadesh).
καὶ ἀπῆραν ἐκ γεσιωνγαβερ καὶ παρενέβαλον ἐν τῇ ἐρήμῳ σιν καὶ ἀπῆραν ἐκ τῆς ἐρήμου σιν καὶ παρενέβαλον εἰς τὴν ἐρημιον φαραν αὕτη ἐστὶν καδης
- 37 Yo kite Kadès, y' al moute kan yo sou mòn Or, touppe fwontyè peyi Edon an.
And they went on from Kadesh, and put up their tents in Mount Hor, on the edge of the land of Edom.
καὶ ἀπῆραν ἐκ καδης καὶ παρενέβαλον εἰς ὠρ τὸ ὄρος πλησίον γῆς εδωμ

- 38 Dapre lòd Seyè a te bay la, Arawon, prèt la, moute sou tèt mòn lan. Se la li mouri. Lè sa a, moun pèp Izrayèl yo te gen trantnevan kat mwa yon jou depi yo te soti kite peyi Lejip.
And Aaron the priest went up into the mountain at the order of the Lord, and came to his death there, in the fortieth year after the children of Israel had come out of the land of Egypt, in the fifth month, on the first day of the month.
καὶ ἀνέβη ααρων ὁ ἱερεὺς διὰ προστάγματος κυρίου καὶ ἀπέθανεν ἐκεῖ ἐν τῷ τεσσαρακοστῷ ἔτει τῆς ἐξόδου τῶν υἱῶν ἰσραηλ ἐκ γῆς αἰγύπτου τῷ μηνὶ τῷ πέμπτῳ μὲν τοῦ μηνός
- 39 Lè Arawon mouri sou mòn Or la, li te gen sanvenntwazan sou tèt li.
Aaron was a hundred and twenty-three years old at the time of his death in Mount Hor.
καὶ ααρων ἦν τριῶν καὶ εἴκοσι καὶ ἑκατὸν ἐτῶν ὅτε ἀπέθνησκει ἐν ὄρει τῷ ὄρει
- 40 Wa Arad, yon moun Kanaran ki te rete nan pati sid peyi Kanaran yo rele Negèv la, vin konnen moun Izrayèl yo t'ap rive.
And news of the coming of the children of Israel came to the king of Arad, the Canaanite, who was living in the South in the land of Canaan.
καὶ ἀκούσας ὁ χανανιτὴς βασιλεὺς αραδ καὶ οὗτος κατόκει ἐν γῆ χανααν ὅτε εἰσεπορεύοντο οἱ υἱοὶ ἰσραηλ
- 41 Se konsa, moun Izrayèl yo kite Mòn Or la, y' al moute kan yo Zalmona.
And from Mount Hor they went on, and put up their tents in Zalmonah.
καὶ ἀπῆραν ἐξ ὄρει τῷ ὄρει καὶ παρενέβαλον εἰς σελμωνα
- 42 Yo kite Zalmona, y' al moute kan yo Pounon.
And they went on from Zalmonah, and put up their tents in Punon.
καὶ ἀπῆραν ἐκ σελμωνα καὶ παρενέβαλον εἰς φινω
- 43 Yo kite Pounon, y' al moute kan yo Obòt.
And they went on from Punon, and put up their tents in Oboth.
καὶ ἀπῆραν ἐκ φινω καὶ παρενέβαλον εἰς ὠβωθ
- 44 Yo kite Obòt, y' al moute kan yo Ije abrarim nan peyi Moab la.
And they went on from Oboth, and put up their tents in Iye-abarim at the edge of Moab.
καὶ ἀπῆραν ἐξ ὠβωθ καὶ παρενέβαλον ἐν γαὶ ἐν τῷ πέραν ἐπὶ τῶν ὀρίων μοαβ
- 45 Yo kite Ije abrarim nan peyi Moab la, y' al moute kan yo Dibon Gad.
And they went on from Iyim, and put up their tents in Dibon-gad.
καὶ ἀπῆραν ἐκ γαὶ καὶ παρενέβαλον εἰς δαιβων γαδ
- 46 Yo kite Dibon Gad, y' al moute kan yo Almon-Diblatayim.
And from Dibon-gad they went on, and put up their tents in Almon-diblathaim.
καὶ ἀπῆραν ἐκ δαιβων γαδ καὶ παρενέβαλον ἐν γελμων δεβλαθαιμ
- 47 Yo kite Almon-Diblatayim, y' al moute kan yo sou mòn Abarim yo, anfas Mòn Nebò, bò solèy leve.
And from Almon-diblathaim they went on, and put up their tents in the mountains of Abarim, before Nebo.
καὶ ἀπῆραν ἐκ γελμων δεβλαθαιμ καὶ παρενέβαλον ἐπὶ τὰ ὄρη τὰ αβαριμ ἀπέναντι ναβαυ
- 48 Yo kite mòn Abarim yo, y' al moute kan yo nan plenn Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko.
And they went on from the mountains of Abarim, and put up their tents in the lowlands of Moab by Jordan at Jericho;
καὶ ἀπῆραν ἀπὸ ὀρέων αβαριμ καὶ παρενέβαλον ἐπὶ δυσμῶν μοαβ ἐπὶ τοῦ ἰορδάνου κατὰ ἱεριχω
- 49 Yo te moute kan yo nan tout plenn Moab yo, toupre larivyè Jouden an, depi Bèt ayechimòt jouk Abèl-Chitim.
Planting their tents by the side of Jordan from Beth-jeshimoth as far as Abel-shittim in the lowlands of Moab.
καὶ παρενέβαλον παρὰ τὸν ἰορδάνην ἀνὰ μέσον αισιμωθ ἕως βελσαττιμ κατὰ δυσμῶν μοαβ
- 50 ¶ Antan yo la nan plenn Moab yo, toupre larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko, Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And in the lowlands of Moab by Jordan at Jericho, the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν ἐπὶ δυσμῶν μοαβ παρὰ τὸν ἰορδάνην κατὰ ἱεριχω λέγων
- 51 -Men sa pou ou di moun pèp Izrayèl yo pou mwen. Lè n'a janbe lòt bò larivyè Jouden pou nou antre nan peyi Kanaran an,
Say to the children of Israel, When you go over Jordan into the land of Canaan,
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην εἰς γῆν χανααν

- 52 se pou nou mete tout moun ki rete nan peyi a deyò. N'a kraze tout estati zidòl yo fè nan moul, osinon ki fèt ak wòch, n'a demoli mete atè dènnye kay kote moun yo fè sèvis pou bondye yo.
See that all the people of the land are forced out from before you, and put to destruction all their pictured stones, and all their metal images, and all their high places:
καὶ ἀπολεῖτε πάντας τοὺς κατοικοῦντας ἐν τῇ γῇ πρὸ προσώπου ὑμῶν καὶ ἐξαρεῖτε τὰς σκοπιὰς αὐτῶν καὶ πάντα τὰ εἰδωλα τὰ χωνευτὰ αὐτῶν ἀπολεῖτε αὐτὰ καὶ πάσας τὰς στήλας αὐτῶν ἐξαρεῖτε
- 53 N'a pran peyi a pou nou, n'a rete ladan l' paske se mwen menm ki ban nou li pou bitasyon nou.
And take the land for yourselves, for your resting-place: for to you I have given the land as your heritage.
καὶ ἀπολεῖτε πάντας τοὺς κατοικοῦντας τὴν γῆν καὶ κατοικήσετε ἐν αὐτῇ ὑμῖν γὰρ δέδωκα τὴν γῆν αὐτῶν ἐν κλήρῳ
- 54 N'a tire osò pou nou ka separe l' bay chak branch fanmi pa yo. N'a bay branch fanmi ki anpil la yon gwo pòsyon. N'a bay branch fanmi ki pa anpil la yon ti pòsyon. Chak branch fanmi va resewva pòsyon ki va vin pou l' a. Se konsa n'a separe tè a bay chak branch fanmi zansèt nou yo pa yo.
And you will take up your heritage in the land by the decision of the Lord, to every family its part; the greater the family the greater its heritage, and the smaller the family the smaller will be its heritage; wherever the decision of the Lord gives to any man his part, that will be his; distribution will be made to you by your fathers' tribes.
καὶ κατακληρονομήσετε τὴν γῆν αὐτῶν ἐν κλήρῳ κατὰ φυλὰς ὑμῶν τοῖς πλείοσιν πληθυνεῖτε τὴν κατάσχεσιν αὐτῶν καὶ τοῖς ἐλάττοσιν ἐλαττώσετε τὴν κατάσχεσιν αὐτῶν εἰς ὃ ἐὰν ἐξέλθῃ τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκεῖ αὐτοῦ ἔσται κατὰ φυλὰς πατριῶν ὑμῶν κληρονομήσετε
- 55 Men, si nou pa mete moun ki rete nan peyi a deyò, sa ki va rete yo pral ban nou gwo pwoblèm. Y'ap tankou yon pay ki tonbe nan je nou, osinon tankou pikan k'ap pike nou nan tout kò nou. Yo pral tounen yon tizon pou nou lè n'a fin tabli nan peyi a.
But if you are slow in driving out the people of the land, then those of them who are still there will be like pin-points in your eyes and like thorns in your sides, troubling you in the land where you are living.
ἐὰν δὲ μὴ ἀπολέσητε τοὺς κατοικοῦντας ἐπὶ τῆς γῆς ἀπὸ προσώπου ὑμῶν καὶ ἔσται οὓς ἐὰν καταλίπητε ἐξ αὐτῶν σκόλοπες ἐν τοῖς ὀφθαλμοῖς ὑμῶν καὶ βολίδες ἐν ταῖς πλευραῖς ὑμῶν καὶ ἐχθρεύσουσιν ἐπὶ τῆς γῆς ἐφ' ἣν ὑμεῖς κατοικήσετε
- 56 Lè sa a, sa m' te fè lide fè yo a, se nou m'ap fè l'.
And it will come about that as it was my purpose to do to them, so I will do to you.
καὶ ἔσται καθότι διεγνώκειν ποιῆσαι αὐτούς ποιήσω ὑμῖν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 2 -Men lòd w'a bay moun Izrayèl yo pou mwen. Lè n'a antre nan peyi Kanaran mwen pral ban nou an, men fwontyè ki pral limite peyi a.
Give orders to the children of Israel and say to them, When you come into the land of Canaan; (this is the land which is to be your heritage, the land of Canaan inside these limits,)
ἐντεταίη τοῖς υἱοῖς Ἰσραὴλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ὑμεῖς εἰσπορεύεσθε εἰς τὴν γῆν χανααν αὕτη ἔσται ὑμῖν εἰς κληρονομίαν γῆ χανααν σὺν τοῖς ὀρίοις αὐτῆς
- 3 Sou bò sid la, n'a gen dezè Zin ki toupre Edon an pou limit. Fwontyè a va konmanse bò solèy leve nan pwent sid Lanmè Sale a.
Then your south quarter will be from the waste land of Zin by the side of Edom, and your limit on the south will be from the east end of the Salt Sea,
καὶ ἔσται ὑμῖν τὸ κλίτος τὸ πρὸς λίβα ἀπὸ ἐρήμου σιν ἕως ἐχόμενον εδωμ καὶ ἔσται ὑμῖν τὰ ὄρια πρὸς λίβα ἀπὸ μέρους τῆς θαλάσσης τῆς ἄλκυης ἀπὸ ἀνατολῶν
- 4 L'a chankre desann nan direksyon sid bò pas Eskòpyon yo, l'a travèse dezè Zin lan, jouk li rive anba nèt bò Kadès-Banea. L'a pran direksyon nò, l'a moute bò Aza ada, l'a rive Achmon,
And round to the south of the slope of Akrabbim, and on to Zin: and its direction will be south of Kadesh-barnea, and it will go as far as Hazar-addar and on to Azmon:
καὶ κυκλώσει ὑμᾶς τὰ ὄρια ἀπὸ λιβὸς πρὸς ἀνάβασιν ακραβιν καὶ παρελεύσεται σεννα καὶ ἔσται ἡ διεξοδος αὐτοῦ πρὸς λίβα καθῆς τοῦ βαρνη καὶ ἐξελεύσεται εἰς ἐπαυλιν ἀραδ καὶ παρελεύσεται ἀσεμῶνα
- 5 l'a chankre bò ravin ki sèvi fwontyè ak peyi Lejip la, epi l'a bout nan Lanmè Mediterane.
And from Azmon it will go round to the stream of Egypt as far as the sea.
καὶ κυκλώσει τὰ ὄρια ἀπὸ ἀσεμῶνα χειμάρρουν αἰγύπτου καὶ ἔσται ἡ διεξοδος ἡ θάλασσα
- 6 Sou bò solèy kouche, teritwa a nou an va rive jouk sou rivaj gwo lanmè a. Se Lanmè Mediterane a ki va sèvi nou fwontyè.
And for your limit on the west you will have the Great Sea and its edge: this will be your limit on the west.
καὶ τὰ ὄρια τῆς θαλάσσης ἔσται ὑμῖν ἡ θάλασσα ἡ μεγάλη ὀριεῖ τοῦτο ἔσται ὑμῖν τὰ ὄρια τῆς θαλάσσης
- 7 Sou bò nò a, fwontyè a va swiv yon liy dwat ki soti depi gwo lanmè a rive sou mòn Or la.
And your limit on the north will be the line from the Great Sea to Mount Hor:
καὶ τοῦτο ἔσται τὰ ὄρια ὑμῖν πρὸς βορρᾶν ἀπὸ τῆς θαλάσσης τῆς μεγάλης καταμετρήσετε ὑμῖν αὐτοῖς παρὰ τὸ ὄρος τὸ ὄρος

- 8 Antan nou la, n'a trase yon liy dwat ankò jouk nou rive nan Pas Amat la, ale pi lwen toujou jouk nou rive Zedad.
And from Mount Hor the line will go in the direction of Hamath; the farthest point of it will be at Zedad:
 και από το ὄρος τὸ ὄρος καταμετρήσετε αὐτοῖς εἰσπορευομένων εἰς εμαθ και ἔσται ἡ διεξοδος αὐτοῦ τὰ ὄρια σαραδα
- 9 N'a pouse pi lwen toujou nan direksyon Zifwon jouk nou rive Aza-Enan. Men fwontyè nou sou bò nò a.
And the limit will go on to Ziphron, with its farthest point at Hazar-enan: this will be your limit on the north.
 και ἐξελεύσεται τὰ ὄρια δεφρωνα και ἔσται ἡ διεξοδος αὐτοῦ ασερναι τοῦτο ἔσται ὑμῖν ὄρια ἀπὸ βορρᾶ
- 10 Fwontyè sou bò solèy leve a va soti Aza-Enan pou rive Chefam.
And on the east, your limit will be marked out from Hazar-enan to Shepham,
 και καταμετρήσετε ὑμῖν αὐτοῖς τὰ ὄρια ἀνατολῶν ἀπὸ ασερναι σεφαμα
- 11 L'a desann soti Chefam nan direksyon Ribla, sou kote Ayen bò solèy leve. L'a desann pi ba toujou jouk l'a rive sou rivaj lanmè Galile a, sou bò solèy leve.
Going down from Shepham to Riblah on the east side of Ain, and on as far as the east side of the sea of Chinnereth:
 και καταβήσεται τὰ ὄρια ἀπὸ σεφαμ αρβηλα ἀπὸ ἀνατολῶν ἐπὶ πηγᾶς και καταβήσεται τὰ ὄρια βηλα ἐπὶ νότου θαλάσσης χεναρα ἀπὸ ἀνατολῶν
- 12 Fwontyè a va swiv larivyè Jouden an pou l' al bout sou lanmè Sale a. Men fwontyè k'ap limite peyi nou an sou kat bò.
And so down to Jordan, stretching to the Salt Sea: all the land inside these limits will be yours.
 και καταβήσεται τὰ ὄρια ἐπὶ τὸν ιορδάνην και ἔσται ἡ διεξοδος θάλασσα ἡ ἄλυκή αὕτη ἔσται ὑμῖν ἡ γῆ και τὰ ὄρια αὐτῆς κύκλω
- 13 Moyiz bay moun Izrayèl yo lòd sa yo: -Men peyi nou pral separe yonn ak lòt la. Nou pral tire osò pou fè sa. Men peyi Seyè a bay pou nèf branch fanmi ak mwatye yon branch fanmi nan pèp Izrayèl la.
And Moses gave orders to the children of Israel saying, This is the land which is to be your heritage, by the decision of the Lord, which by the Lord's order is to be given to the nine tribes and the half-tribe:
 και ἐνετείλατο μουσῆς τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ λέγων αὕτη ἡ γῆ ἦν κατακληρονομήσετε αὐτὴν μετὰ κλήρου ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος τῷ μουσῆ δοῦναι αὐτὴν ταῖς ἑννέα φυλαῖς και τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση
- 14 Branch fanmi Woubenn lan ak branch fanmi Gad la ansann ak mwatye nan branch fanmi Manase a deja resevwa tè pa yo, chak fanmi apa.
For the tribe of the children of Reuben, by their fathers' families, and the tribe of the children of Gad, by their fathers' families, and the half-tribe of Manasseh, have been given their heritage:
 ὅτι ἔλαβεν φυλὴ υἱῶν ρουβην και φυλὴ υἱῶν γαδ κατ' οἴκουσ πατριῶν αὐτῶν και τὸ ἡμισυ φυλῆς μανασση ἀπέλαβον τοὺς κλήρους αὐτῶν
- 15 Yo resevwa pòsyon tè pa yo ki anfas lavil Jeriko, lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve.
The two tribes and the half-tribe have been given their heritage on the other side of Jordan at Jericho, on the east looking to the dawn.
 δύο φυλαὶ και ἡμισυ φυλῆς ἔλαβον τοὺς κλήρους αὐτῶν πέραν τοῦ ιορδάνου κατὰ ἑριχῶ ἀπὸ νότου κατ' ἀνατολᾶς
- 16 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
 και ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 17 -Men non moun ki pral fè pataj tè a pou nou: se va Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan,
These are the names of the men who are to make the distribution of the land among you: Eleazar the priest and Joshua, the son of Nun.
 ταῦτα τὰ ὀνόματα τῶν ἀνδρῶν οἱ κληρονομήσουσιν ὑμῖν τὴν γῆν ελεαζαρ ὁ ἱερεὺς και ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυη
- 18 avèk douz chèf n'a chwazi pou fè pataj la, yonn nan chak branch fanmi.
And you are to take one chief from every tribe to make the distribution of the land.
 και ἄρχοντα ἓνα ἐκ φυλῆς λήμψεσθε κατακληρονομήσαι ὑμῖν τὴν γῆν
- 19 Men non chèf yo. Pou branch fanmi Jida a, se va Kalèb, pitit gason Jefoune a.
And these are the names of the men: of the tribe of Judah, Caleb, the son of Jephunneh.
 και ταῦτα τὰ ὀνόματα τῶν ἀνδρῶν τῆς φυλῆς ἰουδα χαλεβ υἱὸς ἰεφοννη
- 20 Pou branch fanmi Simeyon an, se va Chemwèl, pitit gason Amiyoud la.
And of the tribe of the children of Simeon, Shemuel, the son of Ammihud.
 τῆς φυλῆς σιμεων σαλαμηλ υἱὸς εμιουδ

- 21 Pou branch fanmi Benjamen an, se va Elidad, pitit gason Kislòn lan.
Of the tribe of Benjamin, Elidad, the son of Chislon.
τῆς φυλῆς βενιαμιν ελδαδ υἱὸς χασλὼν
- 22 Pou branch fanmi Dann lan, se va chèf Bouki, pitit gason Jogli a.
And of the tribe of the children of Dan, a chief, Bukki, the son of Jogli.
τῆς φυλῆς δαν ἄρχων βακχιρ υἱὸς εγλι
- 23 Pou branch fanmi Jozèf la, va gen chèf Aniyèl, pitit gason Efòd la, pou fanmi Manase a,
Of the children of Joseph: of the tribe of the children of Manasseh, a chief, Hanniel, the son of Ephod:
τὼν υἱῶν ἰωσηφ φυλῆς υἱῶν μανασση ἄρχων ανιηλ υἱὸς ουφι
- 24 ak chèf Kemwèl, pitit gason Chiftan an, pou fanmi Efrayim lan.
And of the tribe of the children of Ephraim, a chief, Kemuel, the son of Shiptan.
τῆς φυλῆς υἱῶν εφραμ ἄρχων καμουηλ υἱὸς σαβαθα
- 25 Pou branch fanmi Zabilon an, se va chèf Elichafan, pitit gason Panak la.
And of the tribe of the children of Zebulun, a chief, Elizaphan, the son of Parnach.
τῆς φυλῆς ζαβουλων ἄρχων ελισταφαν υἱὸς φαρναχ
- 26 Pou branch fanmi Isaka a, se va chèf Paltiyèl, pitit gason Azan an.
And of the tribe of the children of Issachar, a chief, Paltiel, the son of Azzan.
τῆς φυλῆς υἱῶν ἰσσαχαρ ἄρχων φαλτιηλ υἱὸς οζα
- 27 Pou branch fanmi Asè a, se va chèf Akiyoul, pitit gason Chelomi a.
And of the tribe of the children of Asher, a chief, Ahihud, the son of Shelomi.
τῆς φυλῆς υἱῶν ασηρ ἄρχων αχιωρ υἱὸς σελεμι
- 28 Pou branch fanmi Neftali a, se va chèf Pedayèl, pitit gason Amiyoud la.
And of the tribe of the children of Naphtali, a chief, Pedahel, the son of Ammihud.
τῆς φυλῆς νεφθαλι ἄρχων φαδιαηλ υἱὸς βεναμιουδ
- 29 Men moun Seyè a te mete reskonsab pou fè pataj tè a pou bay chak moun nan pèp Izrayèl la pòsyon pa yo nan peyi Kanaran.
These are they to whom the Lord gave orders to make the distribution of the heritage among the children of Israel in the land of Canaan.
οὗτοι οἷς ἐνετείλατο κύριος καταμερίσαι τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ἐν γῆ χανααν
- 1 ¶ Antan yo nan plenn Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve anfas lavil Jeriko, Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses in the lowlands of Moab by Jordan at Jericho,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν ἐπὶ δυσμῶν μοαβ παρὰ τὸν ἰορδάνην κατὰ ἱερὶζω λέγων
- 2 -W'a bay moun pèp Izrayèl yo lòd pou yo pran nan pòsyon tè yo resevwa a kèk lavil pou yo bay moun Levi yo pou yo rete, ansanm ak savann ki toutoutou lavil sa yo pou yo ka fè gadinaj.
Give orders to the children of Israel to give to the Levites, from the heritage which is theirs, towns for themselves, with land on the outskirts of the towns.
σύνταξον τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ δώσουσιν τοῖς λευίταις ἀπὸ τῶν κληρῶν κατασχέσεως αὐτῶν πόλεις κατοικεῖν καὶ τὰ προάστεια τῶν πόλεων κύκλω αὐτῶν δώσουσιν τοῖς λευίταις
- 3 Se nan lavil sa yo moun Levi yo va rete. Savann sa yo va rete pou yo, y'a sèvi pou zannimo yo ak pou tout lòt bèt y'a genyen.
These towns are to be their living-places, with land round them for their cattle and their food and all their beasts,
καὶ ἔσονται αὐτοῖς αἱ πόλεις κατοικεῖν καὶ τὰ ἀφορίσματα αὐτῶν ἔσται τοῖς κτήνεσιν αὐτῶν καὶ πᾶσι τοῖς τετράποσιν αὐτῶν
- 4 Savann yo va toutoutou lavil yo. Y'a mezire mil senksan (1.500) pye depi ranpa lavil la nan chak direksyon.
Stretching from the wall of the towns a distance of a thousand cubits all round.
καὶ τὰ συγκυροῦντα τῶν πόλεων ἕς δώσετε τοῖς λευίταις ἀπὸ τείχους τῆς πόλεως καὶ ἔξω δισχιλίους πήχεις κύκλω

- 5 Konsa, savann yo va fè yon gwo teren kare kare ki va mezire twamil (3.000) pye sou chak bò: twamil pye sou bò lès, twamil pye sou bò lwès, twamil pye sou bò nò, twamil pye sou bò sid ak lavil la nan mitan l'. Y'a sèvi kote pou bèt moun Levi ki rete nan lavil la jwenn manje.
The measure of this space of land is to be two thousand cubits outside the town on the east, and two thousand cubits on the south and on the west and on the north, the town being in the middle. This space will be the outskirts of their towns.
καὶ μετρήσεις ἔξω τῆς πόλεως τὸ κλίτος τὸ πρὸς ἀνατολὰς δισχιλίους πήχεις καὶ τὸ κλίτος τὸ πρὸς λίβα δισχιλίους πήχεις καὶ τὸ κλίτος τὸ πρὸς θάλασσαν δισχιλίους πήχεις καὶ τὸ κλίτος τὸ πρὸς βορρᾶν δισχιλίους πήχεις καὶ ἡ πόλις μέσον τούτου ἔσται ὑμῖν καὶ τὰ ὄμορα τῶν πόλεων
- 6 Nan lavil n'a bay moun Levi yo, gen sis ladan yo ki va sèvi pou bay moun ki touye moun pwoteksyon. Apa sis lavil sa yo, n'a bay moun Levi yo karannde lòt lavil ankò.
And the towns which you give the Levites are to be the six safe places to which the taker of life may go in flight; and in addition you are to give them forty-two towns.
καὶ τὰς πόλεις δώσετε τοῖς λευίταις τὰς ἕξ πόλεις τῶν φυγαδευτηρίων ἃς δώσετε φεύγειν ἐκεῖ τῷ φονεύσαντι καὶ πρὸς ταύταις τεσσαράκοντα καὶ δύο πόλεις
- 7 Antou, se pou nou bay moun Levi yo karantwit lavil ak tout savann pou bèt yo.
Forty-eight towns are to be given to the Levites, all with land round them.
πάσας τὰς πόλεις δώσετε τοῖς λευίταις τεσσαράκοντα καὶ ὀκτὼ πόλεις ταύτας καὶ τὰ προάστεια αὐτῶν
- 8 Lè n'ap wele nan pòsyon ki pou pèp Izrayèl la lavil pou moun Levi yo, chak fanmi va bay dapre pòsyon tè li te resevwa. Sa ki gen pi gwo pòsyon an va bay plis. Sa ki gen ti pòsyon an va bay mwens.
And these towns are to be given out of the heritage of the children of Israel, taking the greater number from those who have much, and a smaller number from those who have little: everyone, in the measure of his heritage, is to give of his property to the Levites.
καὶ τὰς πόλεις ἃς δώσετε ἀπὸ τῆς κατασχέσεως υἱῶν ἰσραηλ ἀπὸ τῶν τὰ πολλὰ πολλὰ καὶ ἀπὸ τῶν ἐλαττόνων ἐλάττω ἕκαστος κατὰ τὴν κληρονομίαν αὐτοῦ ἢ κληρονομήσουσιν δώσουσιν ἀπὸ τῶν πόλεων τοῖς λευίταις
- 9 ¶ Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
And the Lord said to Moses,
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν λέγων
- 10 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, di yo pou mwens. Lè n'a janbe lòt bò larivyè Jouden an pou nou antre nan peyi Kanaran an,
Say to the children of Israel, when you have gone over Jordan into the land of Canaan;
λάβησον τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην εἰς γῆν χανααν
- 11 se pou nou chwazi kèk lavil kote yon moun ki touye yon lòt san li pa fè espere ka kouri chache pwoteksyon.
Then let certain towns be marked out as safe places to which anyone who takes the life of another in error may go in flight.
καὶ διαστελεῖτε ὑμῖν αὐτοῖς πόλεις φυγαδευτήρια ἔσται ὑμῖν φυγεῖν ἐκεῖ τὸν φονευτὴν πᾶς ὁ πατάξας ψυχὴν ἀκουσίως
- 12 Se la y'a pwoteje l' anba fanmi mò a ki ta chache tire revanj mò a. Yo p'ap gen dwa touye l' toutotan yo pa jije l' devan tout moun.
In these towns you may be safe from him who has the right of punishment; so that death may not overtake the taker of life till he has been judged by the meeting of the people.
καὶ ἔσονται αἱ πόλεις ὑμῖν φυγαδευτήρια ἀπὸ ἀγχιστεύοντος τὸ αἷμα καὶ οὐ μὴ ἀποθάνῃ ὁ φονεύων ἕως ἂν στηῖ ἐναντι τῆς συναγωγῆς εἰς κρίσιν
- 13 Nan lavil n'a bay moun Levi yo, sis va sèvi pou bay moun konsa pwoteksyon,
Six of the towns which you give will be such safe places;
καὶ αἱ πόλεις ἃς δώσετε τὰς ἕξ πόλεις φυγαδευτήρια ἔσονται ὑμῖν
- 14 twa lòt bò larivyè Jouden an sou bò solèy leve, twa bò isit nan peyi Kanaran an.
Three on the other side of Jordan and three in the land of Canaan, to be safe places for flight.
τὰς τρεῖς πόλεις δώσετε ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου καὶ τὰς τρεῖς πόλεις δώσετε ἐν γῆ χανααν
- 15 Sis lavil sa yo va sèvi ni pou moun peyi a ni pou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou osinon ki depasaj. Se la tout moun ki touye yon lòt san fè espere va kouri chache pwoteksyon.
For the children of Israel and for the man from another country who is living among them, these six towns are to be safe places, where anyone causing the death of another through error may go in flight.
φυγάδιον ἔσται τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καὶ τῷ προσηλύτῳ καὶ τῷ παροίκῳ τῷ ἐν ὑμῖν ἔσονται αἱ πόλεις αὗται εἰς φυγαδευτήριον φυγεῖν ἐκεῖ παντὶ πατάξαντι ψυχὴν ἀκουσίως
- 16 Si yon moun frappe yon lòt ak yon bout fè epi li touye l', se ansasen li ye, se pou yo touye l' tou.
But if a man gives another man a blow with an iron instrument, causing his death, he is a taker of life and is certainly to be put to death.
ἐὰν δὲ ἐν σκεύει σιδήρου πατάξῃ αὐτόν καὶ τελευτήσῃ φονευτὴς ἔστιν θανάτῳ θανατούσθω ὁ φονευτὴς

- 17 Si yon moun bay yon lòt yon kout wòch epi li touye l', se ansasen li ye, se pou yo touye l' tou.
Or if he gives him a blow with a stone in his hand, causing his death, he is a taker of life and is certainly to be put to death.
ἐὰν δὲ ἐν λίθῳ ἐκ χειρὸς ἐν ᾧ ἀποθάνεται ἐν αὐτῷ πατάξῃ αὐτόν καὶ ἀποθάνῃ φονευτῆς ἐστὶν θανάτῳ θανατούσθω ὁ φονευτῆς
- 18 Si yon moun bay yon lòt yon kout bwa epi li touye l', se ansasen li ye, se pou yo touye l' tou.
Or if he gave him blows with a wood instrument in his hands, causing his death, he is a taker of life and is certainly to be put to death.
ἐὰν δὲ ἐν σκεύει ξυλίνῳ ἐκ χειρὸς ἐξ οὗ ἀποθάνεται ἐν αὐτῷ πατάξῃ αὐτόν καὶ ἀποθάνῃ φονευτῆς ἐστὶν θανάτῳ θανατούσθω ὁ φονευτῆς
- 19 Moun ki fanmi pi pre moun yo touye a va reskonsab pou li touye ansasen an, nenpòt kilè li bare avè l'.
He whose right it is to give punishment for blood, may himself put to death the taker of life when he comes face to face with him.
ὁ ἀγχιστεύων τὸ αἷμα οὗτος ἀποκτενεῖ τὸν φονεύσαντα ὅταν συναντήσῃ αὐτῷ οὗτος ἀποκτενεῖ αὐτόν
- 20 Si yon moun rayi yon lòt epi li ba li yon move bourad pou li touye l', osinon si li voye yon bagay dèyè l' pou touye l',
If in his hate he put a sword through him, or waiting secretly for him sent a spear or stone at him, causing his death;
ἐὰν δὲ δι' ἔχθραν ὥσῃ αὐτόν καὶ ἐπιρρίψῃ ἐπ' αὐτόν πᾶν σκευὸς ἐξ ἐνέδρου καὶ ἀποθάνῃ
- 21 oswa ankò, paske li pa vle wè l' li bat li ak koutpwen pou l' touye l', epi li touye l' vre, li gen pou l' mouri tou. Se yon ansasen li ye. Moun ki fanmi pi pre moun li touye a va reskonsab pou touye l' tou, nenpòt lè li bare avè l'.
Or in hate gave him blows with his hand, causing death; he who gave the death-blow is to be put to death; he is a taker of life: he whose right it is to give punishment for blood may put to death the taker of life when he comes face to face with him.
ἢ διὰ μῆνην ἐπάταξεν αὐτόν τῇ χειρὶ καὶ ἀποθάνῃ θανάτῳ θανατούσθω ὁ πατάξας φονευτῆς ἐστὶν θανάτῳ θανατούσθω ὁ φονεύων ὁ ἀγχιστεύων τὸ αἷμα ἀποκτενεῖ τὸν φονεύσαντα ἐν τῷ συναντήσῃ αὐτῷ
- 22 Men, sipoze yon moun bay yon lòt yon move bourad san li pa fè espere, san li pa rayi l', osinon li voye yon bagay konsa konsa, epi l' al pran yon moun move kote san li pa t'ap voye l' dèyè l',
But if a man has given a wound to another suddenly and not in hate, or without design has sent something against him,
ἐὰν δὲ ἐξάπινα οὐ δι' ἔχθραν ὥσῃ αὐτόν ἢ ἐπιρρίψῃ ἐπ' αὐτόν πᾶν σκευὸς οὐκ ἐξ ἐνέδρου
- 23 oswa ankò, sipoze li voye yon wòch epi li pa wè sa, wòch la al tonbe sou yon moun, li touye l' frèt, san li pa t' rayi moun lan ni li pa t'ap chache fè moun lan mal,
Or has given him a blow with a stone, without seeing him, so causing his death, though he had nothing against him and no desire to do him evil:
ἢ παντὶ λίθῳ ἐν ᾧ ἀποθάνεται ἐν αὐτῷ οὐκ εἰδὼς καὶ ἐπιπέσῃ ἐπ' αὐτόν καὶ ἀποθάνῃ αὐτὸς δὲ οὐκ ἔχθρὸς αὐτοῦ ἣν οὐδὲ ζητῶν κακοποιῆσαι αὐτόν
- 24 nan ka sa yo, men regleman pou moun pèp Izrayèl yo swiv pou yo regle bagay la ant moun ki te touye lòt la ak fanmi pi pre moun mouri a ki reskonsab pou tire revanaj la.
Then let the meeting of the people be judge between the man responsible for the death and him who has the right of punishment for blood, acting by these rules:
καὶ κρινεῖ ἡ συναγωγὴ ἀνὰ μέσον τοῦ πατάξαντος καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ ἀγχιστεύοντος τὸ αἷμα κατὰ τὰ κρίματα ταῦτα
- 25 Pèp la va sove moun ki te touye lòt la anba men fanmi pi pre moun li touye a, l'a fè l' tounen nan lavil kote li te al kache kò l' la. Moun ki te touye lòt la va rete la jouk granprèt ki la lè sa a pou fè sèvis Bondye a va mouri.
And let the people keep the man responsible for the death safe from the hands of him who has the right of punishment for blood, and send him back to his safe town where he had gone in flight:
there let him be till the death of the high priest who was marked with the holy oil.
καὶ ἐξελεῖται ἡ συναγωγὴ τὸν φονεύσαντα ἀπὸ τοῦ ἀγχιστεύοντος τὸ αἷμα καὶ ἀποκαταστήσουσιν αὐτόν ἢ συναγωγὴ εἰς τὴν πόλιν τοῦ φυγαδευτηρίου αὐτοῦ οὗ κατέφυγεν καὶ κατοικήσει ἐκεῖ ἕως ἂν ἀποθάνῃ ὁ ἱερεὺς ὁ μέγας ὃν ἔχρισαν αὐτόν τῷ ἐλαίῳ τῷ ἁγίῳ
- 26 Si moun ki touye lòt la ta rive soti andeyò limit lavil kote li kache a,
But if ever he goes outside the walls of the safe town where he had gone in flight,
ἐὰν δὲ ἐξὸδῳ ἐξέλθῃ ὁ φονεύσας τὰ ὄρια τῆς πόλεως εἰς ἣν κατέφυγεν ἐκεῖ
- 27 si moun ki fanmi pi pre moun li touye a bare avè l', epi li touye l', yo pa gen dwa fè fanmi pre a peye pou sa l' fè a.
And the giver of punishment, meeting him outside the walls of the town, puts him to death, he will not be responsible for his blood:
καὶ εὗρῃ αὐτόν ὁ ἀγχιστεύων τὸ αἷμα ἔξω τῶν ὀρίων τῆς πόλεως καταφυγῆς αὐτοῦ καὶ φονεύσῃ ὁ ἀγχιστεύων τὸ αἷμα τὸν φονεύσαντα οὐκ ἔνοχός ἐστιν
- 28 Paske moun ki touye yon lòt san li pa fè espere a fèt pou rete nan lavil kote li te kache a jouk granprèt ki la lè sa a va mouri. Se apre lanmò granprèt la ase l'a ka tounen lakay li.
Because he had been ordered to keep inside the safe town till the death of the high priest: but after the death of the high priest the taker of life may come back to the place of his heritage.
ἐν γὰρ τῇ πόλει τῆς καταφυγῆς κατοικεῖτω ἕως ἂν ἀποθάνῃ ὁ ἱερεὺς ὁ μέγας καὶ μετὰ τὸ ἀποθανεῖν τὸν ἱερέα τὸν μέγαν ἐπαναστραφήσεται ὁ φονεύσας εἰς τὴν γῆν τῆς κατασχέσεως αὐτοῦ

- 29 Regleman sa yo va sèvi tankou yon lwa pou nou pou tout tan, de pitit an pitit, kote nou pase.
These rules are to be your guide in judging through all your generations wherever you may be living.
καὶ ἔσται ταῦτα ὑμῖν εἰς δικαίωμα κρίματος εἰς τὰς γενεάς ὑμῶν ἐν πάσαις ταῖς κατοικίαις ὑμῶν
- 30 Lè yon moun touye yon lòt, anvan yo touye l', se pou yo gen depozisyon divès temwen kont li. Depozisyon yon sèl temwen pa kont pou kondannan yon moun.
Anyone causing the death of another is himself to be put to death on the word of witnesses: but the word of one witness is not enough.
πᾶς πατάξας ψυχὴν διὰ μαρτύρων φονεύσεις τὸν φονεύσαντα καὶ μάρτυς εἷς οὐ μαρτυρήσει ἐπὶ ψυχὴν ἀποθανεῖν
- 31 Nou pa gen dwa asepte lajan pou sove lavi yon moun yo kondannan pou mouri paske li touye yon lòt. Wè pa wè se pou nonm sa a mouri.
Further, no price may be given for the life of one who has taken life and whose right reward is death: he is certainly to be put to death.
καὶ οὐ λήμψεσθε λύτρα περὶ ψυχῆς παρὰ τοῦ φονεύσαντος τοῦ ἐνόχου ὄντος ἀναιρεθῆναι θανάτῳ γὰρ θανατωθήσεται
- 32 Ni nou pa gen dwa asepte lajan pou penmèt yon moun ki kite lavi l' te kache a pou l' al lakay li anvan granprèt ki la lè sa a mouri.
And no price may be offered for one who has gone in flight to a safe town, for the purpose of letting him come back to his place before the death of the high priest.
οὐ λήμψεσθε λύτρα τοῦ φυγεῖν εἰς πόλιν τῶν φυγαδευτηρίων τοῦ πάλιν κατοικεῖν ἐπὶ τῆς γῆς ἕως ἂν ἀποθάνῃ ὁ ἱερεὺς ὁ μέγας
- 33 Piga nou janm fè bagay ki pou fè Bondye vire do bay peyi kote nou pral viv la. Lè yon moun touye yon lòt moun, se sa k'ap mete peyi a nan kondisyon li derespekte Bondye ak san ki koule a. Lè konsa, pa gen lòt mwayen pou fè Bondye padonnen peyi a pase se touye pou nou touye moun ki touye a.
So do not make the land where you are living unholy: for blood makes the land unholy: and there is no way of making the land free from the blood which has come on it, but only by the death of him who was the cause of it.
καὶ οὐ μὴ φονοκτονήσητε τὴν γῆν εἰς ἣν ὑμεῖς κατοικεῖτε τὸ γὰρ αἷμα τοῦτο φονοκτονεῖ τὴν γῆν καὶ οὐκ ἐξιλασθήσεται ἡ γῆ ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ ἐκχυθέντος ἐπ' αὐτῆς ἀλλ' ἐπὶ τοῦ αἵματος τοῦ ἐκχέοντος
- 34 Piga nou janm fè bagay ki pou fè Bondye vire do bay peyi kote nou rete a, paske mwen menm Seyè a, se nan mitan moun pèp Izrayèl yo, nan mitan peyi kote yo rete a, mwen rete tou.
Do not make unclean the land where you are living and in which is my House: for I the Lord am present among the children of Israel.
καὶ οὐ μιανεῖτε τὴν γῆν ἐφ' ἧς κατοικεῖτε ἐπ' αὐτῆς ἐφ' ἧς ἐγὼ κατασκηνώσω ἐν ὑμῖν ἐγὼ γὰρ εἰμι κύριος κατασκηνῶν ἐν μέσῳ τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ
- 1 ¶ Moun branch fanmi Galarad yo se desandan Maki yo ye. Maki sa a se te pitit Manase, yonn nan de pitit Jozèf yo. Chèf fanmi moun Galarad yo al jwenn Moyiz ak lòt chèf branch fanmi pèp Izrayèl la,
Now the heads of the families of the children of Gilead, the son of Machir, the son of Manasseh, of the families of the sons of Joseph, came to Moses, the chiefs and the heads of families of the children of Israel being present,
καὶ προσῆλθον οἱ ἄρχοντες φυλῆς υἱῶν γαλααδ υἱοῦ μαχίρ υἱοῦ μανασσῆ ἐκ τῆς φυλῆς υἱῶν ἰωσηφ καὶ ἐλάλησαν ἔναντι μουσῆ καὶ ἔναντι ελεαζάρ τοῦ ἱερέως καὶ ἔναντι τῶν ἀρχόντων οἴκων πατριῶν υἱῶν Ἰσραὴλ
- 2 yo di yo konsa: -Seyè a te ba ou, Moyiz, lòd pou ou te separe peyi a bay chak branch fanmi Izrayèl la pa yo dapre sa ki va soti pou yo lè y'a tire osò. Apre sa, Seyè a ta ba ou lòd pou ou te pran pòsyon ki pou Zelochad, fanmi nou an, pou ou bay pitit fi li yo.
And said, The Lord gave orders to my lord to make distribution of the land as their heritage to the children of Israel: and my lord was ordered by the Lord to give the heritage of Zelophehad, our brother, to his daughters.
καὶ εἶπαν τῷ κυρίῳ ἡμῶν ἐνετείλατο κύριος ἀποδοῦναι τὴν γῆν τῆς κληρονομίας ἐν κλήρῳ τοῖς υἱοῖς Ἰσραὴλ καὶ τῷ κυρίῳ συνέταξεν κύριος δοῦναι τὴν κληρονομίαν σαλπαὰδ τοῦ ἀδελφοῦ ἡμῶν ταῖς θυγατέραςιν αὐτοῦ
- 3 Men, si medam sa yo marye ak yon nonm ki fè pati yon lòt branch nan fanmi pèp Izrayèl la, pòsyon ki pou yo a pral soti sou tè zansèt pa nou yo. Konsa, pòsyon tè ki pou branch fanmi nonm yo marye a pral vin pi plis, epi pòsyon tè ki te vin pou nou an lè yo te tire osò a pral vin pi piti.
Now if they get married to any of the sons of other tribes of the children of Israel, then their property will be taken away from the heritage of our fathers, and become part of the heritage of the tribe into which they get married: and their heritage will be taken away from the heritage of our tribe.
καὶ ἔσονται ἐνὶ τῶν φυλῶν υἱῶν Ἰσραὴλ γυναῖκες καὶ ἀφαιρεθήσεται ὁ κλῆρος αὐτῶν ἐκ τῆς κατασχέσεως τῶν πατέρων ἡμῶν καὶ προστεθήσεται εἰς κληρονομίαν τῆς φυλῆς οἷς ἂν γένωνται γυναῖκες καὶ ἐκ τοῦ κλήρου τῆς κληρονομίας ἡμῶν ἀφαιρεθήσεται
- 4 Lè lanne rejwisans lan va rive pou moun pèp Izrayèl yo, yo pral pran pòsyon tè ki te pou medam sa yo, yo pral wete l' nan pa branch fanmi zansèt nou yo, yo pral mete l' sou pa branch fanmi mari yo.
And at the time of the Jubilee of the children of Israel, their property will be joined to the heritage of the tribe of which they are part and will be taken away from the heritage of the tribe of our fathers.
ἐὰν δὲ γένηται ἡ ἄφεσις τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ καὶ προστεθήσεται ἡ κληρονομία αὐτῶν ἐπὶ τὴν κληρονομίαν τῆς φυλῆς οἷς ἂν γένωνται γυναῖκες καὶ ἀπὸ τῆς κληρονομίας φυλῆς πατριᾶς ἡμῶν ἀφαιρεθήσεται ἡ κληρονομία αὐτῶν

- 5 ¶ Se konsa, dapre lòd Seyè a te ba li, Moyiz bay moun pèp Izrayèl yo regleman sa a pou yo swiv. Li di yo konsa: -Moun branch fanmi Jozèf yo gen rezon. So by the direction of the Lord, Moses gave orders to the children of Israel, saying, What the tribe of the sons of Joseph have said is right. και ἐνετείλατο μωυσῆς τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ διὰ προστάγματος κυρίου λέγων οὕτως φυλὴ υἱῶν ἰωσήφ λέγουσιν
- 6 Se poutèt sa, men lòd Seyè a bay: Pitit fi Zelochad yo lib marye moun yo vle, depi se yon moun ki nan menm branch fanmi ak yo. This is the order of the Lord about the daughters of Zelophehad: The Lord says, Let them take as their husbands whoever is most pleasing to them, but only among the family of their father's tribe. τοῦτο τὸ ῥῆμα ὃ συνέταξεν κύριος ταῖς θυγατέρας σαλπαὰδ λέγων οὐ ἄρέσκει ἐναντίον αὐτῶν ἕστωσαν γυναῖκες πλὴν ἐκ τοῦ δήμου τοῦ πατρὸς αὐτῶν ἕστωσαν γυναῖκες
- 7 Pòsyon tè yon branch fanmi pa gen dwa pase pou yon lòt branch fanmi. Konsa, pòsyon tè yon fanmi va toujou rete nan fanmi an. And so no property will be handed from tribe to tribe among the children of Israel; but every one of the children of Israel will keep the heritage of his father's tribe. και οὐχὶ περιστραφήσεται κληρονομία τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ ἀπὸ φυλῆς ἐπὶ φυλὴν ὅτι ἕκαστος ἐν τῇ κληρονομίᾳ τῆς φυλῆς τῆς πατριᾶς αὐτοῦ προσκολληθήσονται οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ
- 8 Si yon fi vin eritye yon pòsyon nan tè yonn nan branch fanmi pèp Izrayèl la, se pou l' marye ak yon moun ki nan menm branch fanmi avè l'. Konsa, chak moun va kenbe eritaj zansèt yo nan fanmi an. And every daughter owning property in any tribe of the children of Israel is to be married to one of the family of her father's tribe, so that every man of the children of Israel may keep the heritage of his fathers. και πᾶσα θυγάτηρ ἀγχιστεύουσα κληρονομίαν ἐκ τῶν φυλῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἐνὶ τῶν ἐκ τοῦ δήμου τοῦ πατρὸς αὐτῆς ἔσονται γυναῖκες ἵνα ἀγχιστεύσωσιν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἕκαστος τὴν κληρονομίαν τὴν πατρικὴν αὐτοῦ
- 9 Tè yon branch fanmi p'ap ka pase pou yon lòt branch fanmi. Konsa, pòsyon tè ki pou yon fanmi va toujou rete nan fanmi an. And no property will be handed from one tribe to another, but every tribe of the children of Israel will keep its heritage. και οὐ περιστραφήσεται κληῖρος ἐκ φυλῆς ἐπὶ φυλὴν ἑτέραν ἀλλὰ ἕκαστος ἐν τῇ κληρονομίᾳ αὐτοῦ προσκολληθήσονται οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ
- 10 Se konsa, pitit fi Zelochad yo fè jan Seyè a te bay Moyiz lòd la. So the daughters of Zelophehad did as the Lord gave orders to Moses: ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος μωυσῆ οὕτως ἐποίησαν θυγατέρες σαλπαὰδ
- 11 Mala, Tiza, Ogla, Milka ak Noa marye ak pitit gason tonton yo bò papa. For Mahlah, Tirzah, and Hoglah, and Milcah, and Noah, the daughters of Zelophehad, took as their husbands the sons of their father's brothers: και ἐγένοντο θερσα και ἐγλα και μελχα και νοα και μααλα θυγατέρες σαλπαὰδ τοῖς ἀνεμιοῖς αὐτῶν
- 12 Yo marye nan branch fanmi Manase, pitit Jozèf la. Konsa, pòsyon tè papa yo a rete nan menm branch fanmi an. And were married into the families of the sons of Manasseh, the son of Joseph, and their property was kept in the tribe of their father's family ἐκ τοῦ δήμου τοῦ μανασση υἱῶν ἰωσήφ ἐγενήθησαν γυναῖκες και ἐγένετο ἡ κληρονομία αὐτῶν ἐπὶ τὴν φυλὴν δήμου τοῦ πατρὸς αὐτῶν
- 13 Men tout lòd ak regleman Seyè a te bay Moyiz pou moun pèp Izrayèl yo, lè yo te nan plenn Moab yo, lòt bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko. These are the laws and the orders which the Lord gave to the children of Israel by Moses, in the lowlands of Moab by Jordan at Jericho. αὐταὶ αἱ ἐντολαὶ και τὰ δικαιώματα και τὰ κρίματα ἃ ἐνετείλατο κύριος ἐν χειρὶ μωυσῆ ἐπὶ δυσμῶν μωαβ ἐπὶ τοῦ ἰορδάνου κατὰ ἱερῖω .
- 1 ¶ Men pawòl Moyiz te di tout pèp Izrayèl la lè yo te lòt bò larivyè Jouden an, nan dezè a, nan plenn Araba ki anfas Souf: Yo te gen dezè Paran an sou yon bò ak lavil Tofèl, Liban, Azewòt ak Dizaab sou lòt bò a. These are the words which Moses said to all Israel on the far side of Jordan, in the waste land in the Arabah opposite Suph, between Paran on the one side, and Tophel, Laban, Hazeroth, and Dizahab on the other. οὗτοι οἱ λόγοι οὓς ἐλάλησεν μωυσῆς παντὶ ἰσραὴλ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν τῇ ἐρήμῳ πρὸς δυσμαῖς πλησίον τῆς ἐρυθρᾶς ἀνὰ μέσον φαραν τοφολ και λοβον και αυλων και καταχρύσεια
- 2 Pou mache soti mòn Sinayi rive Kadès-Banea, lè ou swiv wout ki pase nan mòn Seyi a, sa pran onz jou. It is eleven days' journey from Horeb by the way of Mount Seir to Kadesh-barnea. ἑνδεκα ἡμερῶν ἐν χωρηβ ὁδὸς ἐπ' ὄρος σηρ ἕως καδης βαρνη
- 3 Se premye jou nan onzèm mwa karantèm lane depi yo te soti kite peyi Lejip la Moyiz te fè pale sa a ak pèp Izrayèl la, jan Seyè a te mande l' la. Now in the fortieth year, on the first day of the eleventh month, Moses gave to the children of Israel all the orders which the Lord had given him for them; και ἐγενήθη ἐν τῷ τεσσαρακοστῷ ἔτει ἐν τῷ ἑνδεκάτῳ μηνὶ μιᾷ τοῦ μηνὸς ἐλάλησεν μωυσῆς πρὸς πάντας υἱοὺς ἰσραὴλ κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλατο κύριος αὐτῷ πρὸς αὐτούς
- 4 Lè sa a, Seyè a te fin bat Siyon, wa peyi Amori a, ki te rete Esbon, ak Og, wa peyi Bazan an, ki te rete Astawòt nan zòn Edreyi. After he had overcome Sihon, king of the Amorites, ruling in Heshbon, and Og, king of Bashan, ruling in Ashtaroth, at Edrei: μετὰ τὸ πατάξει σιων βασιλεῖα αμορραίων τὸν κατοικήσαντα ἐν εσεβων και ωγ βασιλεῖα τῆς βασαν τὸν κατοικήσαντα ἐν ασταρωθ και ἐν εδραῖν

- 5 Se antan pèp la te lòt bò larivyè Jouden, nan peyi Moab la, Moyiz tanmen esplike yo tou sa Seyè a te di. Li di yo konsa:
On the far side of Jordan in the land of Moab, Moses gave the people this law, saying,
 ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν γῆ μοαβ ἤρξατο μουσῆς διασαφῆσαι τὸν νόμον τοῦτον λέγων
- 6 -Lè nou te sou mòn Orèb la, nou chonje Seyè a, Bondye nou an, te pale ak nou. Li te di nou: Koulye a, nou rete kont nou sou mòn sa a.
The Lord our God said to us in Horeb, You have been long enough in this mountain:
 κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἐλάλησεν ἡμῖν ἐν χωρηβ λέγων ἱκανούσθω ὑμῖν κατοικεῖν ἐν τῷ ὄρει τούτῳ
- 7 Ranmase tout zafè nou pati. Ale nan mòn peyi Amori yo ak nan tout lòt peyi ki toupre l' yo, nan plenn Araba a, nan mòn yo, nan fon yo, nan Negèv la bò sid ak bò gwo lanmè Mediterane a. Ale nan peyi Kanaran an ak nan peyi Liban an jouk nou rive bò gwo larivyè Lefrat la.
Make a move now, and go on your way into the hill-country of the Amorites and the places near it, in the Arabah and the hill-country and in the lowlands and in the South and by the seaside, all the land of the Canaanites, and Lebanon, as far as the great river, the river Euphrates.
 ἐπιστρέψατε καὶ ἀπάρατε ὑμεῖς καὶ εἰσπορεύεσθε εἰς ὄρος αμορραίων καὶ πρὸς πάντας τοὺς περιοίκους αραβα εἰς ὄρος καὶ πεδῖον καὶ πρὸς λίβα καὶ παραλίαν γῆν χαναναίων καὶ ἀντιλίβανον ἕως τοῦ ποταμοῦ τοῦ μεγάλου εὐφράτου
- 8 Nou wè! Men m'ap ban nou tout peyi sa yo. Al pran posesyon peyi mwen menm Seyè a, mwen te pwomèt m'ap bay zansèt nou yo, Abraram, Izarak ak Jakòb, pou yo ak pou tout pitit yo ak pitit pitit yo apre yo.
See, all the land is before you: go in and take for yourselves the land which the Lord gave by an oath to your fathers, Abraham, Isaac, and Jacob, and to their seed after them.
 ἴδετε παραδέδωκα ἐνώπιον ὑμῶν τὴν γῆν εἰσπορευθέντες κληρονομήσατε τὴν γῆν ἣν ὤμοσα τοῖς πατέρας ὑμῶν τῷ αβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ ἰακωβ δοῦναι αὐτοῖς καὶ τῷ σπέρματι αὐτῶν μετ' αὐτούς
- 9 ¶ Menm lè sa a, mwen te di nou: Mwen pa kapab reskonsab nou tout pou kont mwen, chay la twòp pou mwen.
At that time I said to you, I am not able to undertake the care of you by myself;
 καὶ εἶπα πρὸς ὑμᾶς ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνον λέγων οὐ δυνήσομαι μόνος φέρειν ὑμᾶς
- 10 Seyè a, Bondye nou an, ban nou anpil pitit, kifè koulye a nou vin anpil, tankou zetwal nan syèl la.
The Lord your God has given you increase, and now you are like the stars of heaven in number.
 κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ἐπλήθυνεν ὑμᾶς καὶ ἰδοὺ ἐστε σήμερον ὡσεὶ τὰ ἄστρα τοῦ οὐρανοῦ τῷ πλήθει
- 11 Se pou Seyè a, Bondye zansèt nou yo, ban nou mil fwa plis pitit pase sa nou gen koulye a. Se pou l' beni nou jan li te pwomèt nou an.
May the Lord, the God of your fathers, make you a thousand times greater in number than you are, and give you his blessing as he has said!
 κύριος ὁ θεὸς τῶν πατέρων ὑμῶν προσθήει ὑμῖν ὡς ἐστὲ χιλιοπλασίως καὶ εὐλογήσει ὑμᾶς καθότι ἐλάλησεν ὑμῖν
- 12 Men, ki jan pou m' fè pote tout chay sa a pou kont mwen, pou m' jwenn solisyon pou tout pwoblèm nou, pou m' regle tout kont nou gen yonn ak lòt?
How is it possible for me by myself to be responsible for you, and undertake the weight of all your troubles and your arguments?
 πῶς δυνήσομαι μόνος φέρειν τὸν κόπον ὑμῶν καὶ τὴν ὑπόστασιν ὑμῶν καὶ τὰς ἀντιλογίας ὑμῶν
- 13 Se poutèt sa, nan chak branch fanmi nou yo, chwazi kèk nèg ki gen lespri, ki gen bon konprann, ki konn lavi, m'a mete yo chèf pou dirije nou.
Take for yourselves men who are wise, far-seeing, and respected among you, from your tribes, and I will make them rulers over you.
 δότε ἑαυτοῖς ἄνδρας σοφοὺς καὶ ἐπιστήμονας καὶ συνετοὺς εἰς τὰς φυλάς ὑμῶν καὶ καταστήσω ἐφ' ὑμῶν ἡγουμένους ὑμῶν
- 14 Lè sa a, nou te reponn mwen, nou te di m' konsa: Sa ou mande nou fè la a bon wi!
And you made answer and said to me, It is good for us to do as you say.
 καὶ ἀπεκρίθητέ μοι καὶ εἶπατε καλὸν τὸ ῥῆμα ὃ ἐλάλησας ποιῆσαι
- 15 Se konsa mwen pran nan chak branch fanmi nou yo moun ki gen lespri, moun ki konn lavi, mwen mete yo chèf pou dirije nou. Genyen mwen mete chèf sou mil gason, dèt sou san gason, dèt sou senkant gason, dèt ankò sou dis gason. Mwen te chwazi lòt chèf tou pou chak branch fanmi.
So I took the heads of your tribes, wise men and respected, and made them rulers over you, captains of thousands and captains of hundreds and captains of fifties and captains of tens, and overseers of your tribes.
 καὶ ἔλαβον ἐξ ὑμῶν ἄνδρας σοφοὺς καὶ ἐπιστήμονας καὶ συνετοὺς καὶ κατέστησα αὐτούς ἡγεῖσθαι ἐφ' ὑμῶν χιλιάρχους καὶ ἑκατοντάρχους καὶ πεντηκοντάρχους καὶ δεκαδάρχους καὶ γραμματοεισαγῶγεις τοῖς κριταῖς ὑμῶν

- 16 Lè sa a, men sa mwen te mande chèf nou yo pou yo fè: Chache konnen lè gen kont nan mitan pèp la. N'a regle tout kont yon moun ka gen ak frè parèy li osinon ak moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou. N'a fè sa san patipri.
 And at that time I gave orders to your judges, saying, Let all questions between your brothers come before you for hearing, and give decisions uprightly between a man and his brother or one from another nation who is with him.
 καὶ ἐνετείλαμην τοῖς κριταῖς ὑμῶν ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ λέγων διακούετε ἀνά μέσον τῶν ἀδελφῶν ὑμῶν καὶ κρίνατε δικαίως ἀνά μέσον ἀνδρῶς καὶ ἀνά μέσον ἀδελφοῦ καὶ ἀνά μέσον προσηλύτου αὐτοῦ ὃ
- 17 Nou p'ap nan achte figi lè n'ap jije yon bagay. Se pou nou jije tout moun menm jan, kit se yon ti malere, kit se yon grannèg. Nou pa bezwen pè pesonn paske n'ap jije dapre prensip Bondye bay. Lè se yon ka ki twò difisil pou nou, n'a pote l' vin devan mwen, m'a jije l' mwen menm.
 In judging, do not let a man's position have any weight with you; give hearing equally to small and great; have no fear of any man, for it is God who is judge: and any cause in which you are not able to give a decision, you are to put before me and I will give it a hearing.
 οὐκ ἐπιγνώση πρόσωπον ἐν κρίσει κατὰ τὸν μικρὸν καὶ κατὰ τὸν μέγαν κρινεῖς οὐ μὴ ὑποστεύῃ πρόσωπον ἀνθρώπου ὅτι ἡ κρίσις τοῦ θεοῦ ἐστίν καὶ τὸ ῥῆμα ὃ ἐὰν σκληρὸν ᾖ ἀφ' ὑμῶν ἀνοίσετε αὐτὸ ὃ ἐπ' ἐμέ καὶ ἀκούσομαι αὐτό
- 18 Se konsa, menm lè sa a, mwen te ban nou lòd, mwen te di nou sa pou n' fè ak sa pou n' pa fè.
 And at that time I gave you all the orders which you were to do.
 καὶ ἐνετείλαμην ὑμῖν ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ πάντας τοὺς λόγους οὓς ποιήσατε
- 19 ¶ Apre sa, nou leve, nou kite mòn Orèb la. Jan Seyè a, Bondye nou an, te ban nou lòd la, nou mache nan tout gwo dezè ki gen anpil danje ladan l' lan, dezè nou te wè a, nou pran chemen pou n' al nan mòn peyi Amori yo, epi nou rive Kadès Banea.
 Then we went on from Horeb, through all that great and cruel waste which you saw, on our way to the hill-country of the Amorites, as the Lord gave us orders; and we came to Kadesh-barnea.
 καὶ ἀπάραντες ἐκ χωρηβ ἐπορεύθημεν πᾶσαν τὴν ἔρημον τὴν μεγάλην καὶ τὴν φοβερὰν ἐκείνην ἣν εἶδετε ὁδὸν ὄρους τοῦ αμορραίου καθότι ἐνετείλατο κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἡμῖν καὶ ἤλθομεν ἕως καθῆς βαρνη
- 20 Lè sa a, mwen di nou: Men nou rive nan mòn peyi Amori yo, peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an.
 And I said to you, You have come to the hill-country of the Amorites, which the Lord our God is giving us.
 καὶ εἶπα πρὸς ὑμᾶς ἤλθατε ἕως τοῦ ὄρους τοῦ αμορραίου ὃ ὁ κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν δίδωσιν ὑμῖν
- 21 Gade, men peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an. Ale non, pran peyi a pou nou, jan Seyè a, Bondye zansèt nou yo, te di l' la. Nou pa bezwen pè, kè nou pa pou janm kase.
 See now, the Lord your God has put the land into your hands; go up and take it, as the Lord, the God of your fathers, has said to you; have no fear and do not be troubled.
 ἴδετε παραδεδωκεν ὑμῖν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν πρὸ προσώπου ὑμῶν τὴν γῆν ἀναβάτες κληρονομήσατε ὃν τρόπον εἶπεν κύριος ὁ θεὸς τῶν πατέρων ὑμῶν ὑμῖν μὴ φοβείσθε μηδὲ δειλιάσητε
- 22 Lè sa a nou tout, nou vin jwenn mwen, nou di m' konsa: Ann voye kèk nèg pami nou devan pou y' al wè ki jan peyi a ye. Y'a tounen vin esplike nou ki wout pou nou swiv ak nan ki lavil nou ka antre.
 And you came near to me, every one of you, and said, Let us send men before us to go through the land with care and give us an account of the way we are to go and the towns to which we will come.
 καὶ προσήλθατέ μοι πάντες καὶ εἶπατε ἀποστείλωμεν ἄνδρας προτέρους ἡμῶν καὶ ἐφοδευσάτωσαν ἡμῖν τὴν γῆν καὶ ἀναγγελάτωσαν ἡμῖν ἀπόκρισιν τὴν ὁδὸν δι' ἧς ἀναβησόμεθα ἐν αὐτῇ καὶ τὰς πόλεις εἰς αἷς ἃς εἰσπορευσόμεθα εἰς αὐτάς
- 23 Mwen te wè sa nou di m' lan se te bon koze. Se konsa mwen chwazi douz nèg, yonn nan chak branch fanmi.
 And what you said seemed good to me, and I took twelve men from among you, one from every tribe;
 καὶ ἤρεσεν ἐναντίον μου τὸ ῥῆμα καὶ ἔλαβον ἐξ ὑμῶν δώδεκα ἄνδρας ἄνδρα ἓνα κατὰ φυλὴν
- 24 Yo pati, yo pran chemen mòn lan jouk yo rive nan Fon Echkol: yo vizite tout zòn lan nèt.
 And they went up into the hill-country and came to the valley of Eshcol, and saw what was there.
 καὶ ἐπιστραφέντες ἀνέβησαν εἰς τὸ ὄρος καὶ ἤλθοσαν ἕως φάραγγος βότρυος καὶ κατεσκόπευσαν αὐτήν
- 25 Yo pran kèk fwi peyi a donnen, yo pote ban nou. Epi yo di nou peyi Seyè a ap ban nou an se yon bon venn tè.
 And taking in their hands some of the fruit of the land, they came down again to us, and gave us their account, saying, It is a good land which the Lord our God is giving us.
 καὶ ἐλάβοσαν ἐν ταῖς χερσίν αὐτῶν ἀπὸ τοῦ καρποῦ τῆς γῆς καὶ κατήνεγκαν πρὸς ἡμᾶς καὶ ἔλεγον ἀγαθὴ ἡ γῆ ἣν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν δίδωσιν ἡμῖν
- 26 Men, nou pa t' vle al ladan l'. Se konsa nou te derefize obeyi lòd Seyè a, Bondye nou an, te ban nou.
 But going against the order of the Lord your God, you would not go up:
 καὶ οὐκ ἠθελήσατε ἀναβῆναι καὶ ἠπειθήσατε τῷ ῥήματι κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν
- 27 Nou antre lakay nou, nou pran plenyen. Epi nou di se vle Seyè a pa vle wè nou! Se poutèt sa li fè nou soti kite peyi Lejip pou l' lage nou nan men moun peyi Amori yo pou yo ka fini ak nou.
 And you made an angry outcry in your tents, and said, In his hate for us the Lord has taken us out of the land of Egypt, to give us up into the hands of the Amorites for our destruction.
 καὶ διεγογγύζεστε ἐν ταῖς σκιναῖς ὑμῶν καὶ εἶπατε διὰ τὸ μισεῖν κύριον ἡμᾶς ἐξήγαγεν ἡμᾶς ἐκ γῆς αἰγύπτου παραδοῦναι ἡμᾶς εἰς χεῖρας αμορραίων ἐξολεθρεῦσαι ἡμᾶς

- 28 Kote nou prale koulye a? Moun nou te voye yo dekouraje nou. Yo di nou moun ki nan peyi sa a pi fò pase nou, yo pi bèl wotè pase nou. Lavil yo gran anpil ak gwo ranpa byen wo ki rive jouk nan syèl la. Nou te menm wè kèk moun ras Anak yo la tou.
Where are we going up? Our brothers have made our hearts feeble with fear by saying, The people are greater and taller than we are, and the towns are great and walled up to heaven; and more than this, we have seen the sons of the Anakim there.
ποῦ ἡμεῖς ἀναβαίνομεν οἱ ἀδελφοὶ ὑμῶν ἀπέστησαν ὑμῶν τὴν καρδίαν λέγοντες ἔθνος μέγα καὶ πολλὸ καὶ δυνατώτερον ἡμῶν καὶ πόλεις μεγάλαι καὶ τετειχισμένα ἕως τοῦ οὐρανοῦ ἀλλὰ καὶ υἱοὺς γιγάντων ἐωράκαμεν ἐκεῖ
- 29 Men, mwen di nou: Kè nou pa bezwen kase, nou pa bezwen pè moun sa yo.
Then I said to you, Have no fear of them.
καὶ εἶπα πρὸς ὑμᾶς μὴ πτήξητε μηδὲ φοβηθῆτε ἀπ' αὐτῶν
- 30 Seyè a, Bondye nou an, ap mache alatèt nou. Li pral goumen pou nou menm jan nou te wè l' fè l' la nan peyi Lejip
The Lord your God who goes before you will be fighting for you, and will do such wonders as he did for you in Egypt before your eyes;
κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ὁ προπορευόμενος πρὸ προσώπου ὑμῶν αὐτὸς συνεκπολεμήσει αὐτοὺς μεθ' ὑμῶν κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησεν ὑμῖν ἐν γῆ αἰγύπτῳ
- 31 ak nan dezè a. Nou wè ki jan sou tout wout la li pa janm lage nou, tankou yon papa ki pa janm lage pitit li, jouk nou rive bò isit la.
And in the waste land, where you have seen how the Lord was supporting you, as a man does his son, in all your journeying till you came to this place.
καὶ ἐν τῇ ἐρήμῳ ταύτῃ ἦν εἶδετε ὡς ἐτροφοφόρησέν σε κύριος ὁ θεὸς σου ὡς εἶ τις τροφοφορήσει ἄνθρωπος τὸν υἱὸν αὐτοῦ κατὰ πᾶσαν τὴν ὁδὸν ἣν ἐπορεύθητε ἕως ἡλθετε εἰς τὸν τόπον τοῦτον
- 32 Men, atout mwen te di nou sa, nou pa t' vle mete konfyans nou nan Seyè a, Bondye nou an,
But for all this, you had no faith in the Lord your God,
καὶ ἐν τῷ λόγῳ τούτῳ οὐκ ἐνεπιστεύσατε κυρίῳ τῷ θεῷ ὑμῶν
- 33 li menm ki te pran devan nou sou tout wout la pou l' te ka jwenn kote pou nou moute kan nou. Lannwit, li te mache devan nou nan yon potò dife. Lajounen, nan yon gwo nwaj li te moutre nou chemen pou nou pran.
Who goes before you on your way, looking for a place where you may put up your tents, in fire by night, lighting up the way you are to go, and in a cloud by day.
ὃς προπορεύεται πρότερος ὑμῶν ἐν τῇ ὁδῷ ἐκλέγεσθαι ὑμῖν τόπον ὁδηγῶν ὑμᾶς ἐν πυρὶ νυκτὸς δεικνύων ὑμῖν τὴν ὁδὸν καθ' ἣν πορεύεσθε ἐπ' αὐτῆς καὶ ἐν νεφέλῃ ἡμέρας
- 34 Lè Seyè a tande jan nou t'ap plenyen, li te fache anpil, li fè sèman, li di:
And the Lord, hearing your words, was angry, and said with an oath,
καὶ ἤκουσεν κύριος τὴν φωνὴν τῶν λόγων ὑμῶν καὶ παροξυνθεὶς ὤμοσεν λέγων
- 35 Pa gen yonn nan tout move sije sa yo k'ap viv koulye a k'ap antre nan bon peyi mwen te pwomèt m'ap bay zansèt nou yo,
Truly, not one of this evil generation will see that good land which I said I would give to your fathers,
εἰ ὄψεται τις τῶν ἀνδρῶν τούτων τὴν ἀγαθὴν ταύτην γῆν ἣν ὤμοσα τοῖς πατράσιν αὐτῶν
- 36 an wetan Kalèb, pitit gason Jefoune a, ki va antre nan peyi sa a. M'a ba li peyi li te al espyonnen an, pou li ak pou pitit li yo, paske li te obeyi m' san gad dèyè.
But only Caleb, the son of Jephunneh, he will see it; and to him and to his children I will give the land over which his feet have gone, because he has been true to the Lord with all his heart.
πλὴν χαλεβ υἱὸς ιεφοννη οὗτος ὄψεται αὐτὴν καὶ τούτῳ δώσω τὴν γῆν ἐφ' ἣν ἐπέβη καὶ τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ διὰ τὸ προσκεῖσθαι αὐτὸν τὰ πρὸς κύριον
- 37 Nou lakòz Seyè a te fache ata avè m', epi li di m': Ou menm tou Moyiz, ou p'ap antre nan peyi a.
And, in addition, the Lord was angry with me because of you, saying, You yourself will not go into it:
καὶ ἐμοὶ ἐθυμώθη κύριος δι' ὑμᾶς λέγων οὐδὲ σὺ οὐ μὴ εἰσελθῆς ἐκεῖ
- 38 Se Jozye, pitit gason Noun lan, k'ap sèvi avè ou la, ki va antre nan plas ou. Ankouraje l' tande, paske se li menm ki pou fè pèp Izrayèl la antre al pran peyi a.
Joshua, the son of Nun, your servant, he will go into the land: say to him that he is to be strong, for he will be Israel's guide into their heritage.
ιησοῦς υἱὸς ναυη ὁ παρεστηκὸς σοι οὗτος εἰσελεύσεται ἐκεῖ αὐτὸν κατίσχυσον ὅτι αὐτὸς κατακληρονομήσει αὐτὴν τῷ Ἰσραὴλ.
- 39 Men, se pitit nou yo, sa nou di ki tapral tonbe anba men lènmi nou yo, timoun nou yo ki koulye a poko konnen sa ki byen ak sa ki mal, se yo menm ki pral antre nan peyi a. Se yo menm mwen pral bay peyi a, se yo menm ki pral rete ladan l'.
And your little ones, who, you said, would come into strange hands, your children, who now have no knowledge of good or evil, they will go into that land, and to them I will give it and it will be theirs.
καὶ πᾶν παιδίον νέον ὅστις οὐκ οἶδεν σήμερον ἀγαθὸν ἢ κακὸν οὗτοι εἰσελεύσονται ἐκεῖ καὶ τούτοις δώσω αὐτὴν καὶ αὐτοὶ κληρονομήσουσιν αὐτήν

- 40 Men nou menm, tounen tounen nou nan dezè a! Pran chemen Lanmè Wouj la ankò!
But as for you, go back, journeying into the waste land by the way of the Red Sea.
καὶ ὑμεῖς ἐπιστραφέντες ἐστρατοπεδεύσατε εἰς τὴν ἔρημον ὁδὸν τὴν ἐπὶ τῆς ἐρυθρᾶς θαλάσσης
- 41 Lè sa a nou reponn mwen: Nou rekonèt nou peche kont Seyè a. Nou prale, epi n'a goumen jan Seyè a, Bondye nou an, te ban nou lòd la. Epi nou leve nou pran zam nou. Nou te kwè sa tapral fasil pou nou pran mòn yo.
Then you said to me, We have done evil against the Lord, we will go up to the attack, as the Lord our God has given us orders. And arming yourselves every one, you made ready to go up without care into the hill-country.
καὶ ἀπεκρίθητέ μοι καὶ εἶπατε ἡμάρτομεν ἐναντὶ κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν ἡμεῖς ἀναβάντες πολεμήσομεν κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλατο κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἡμῖν καὶ ἀναλαβόντες ἕκαστος τὰ σκευὴ τὰ πολεμικὰ αὐτοῦ καὶ συναθροισθέντες ἀνεβαίνετε εἰς τὸ ὄρος
- 42 Men, Seyè a di m' avèti nou: Piga n' al atake, piga n' al fè lènmi nou yo bat nou, paske li p'ap kanpe avèk nou.
And the Lord said to me, Say to them, Do not go up to the attack; for I am not among you, and you will be overcome by those who are against you.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με εἰπὼν αὐτοῖς οὐκ ἀναβήσεσθε οὐδὲ μὴ πολεμήσετε οὐ γὰρ εἰμι μεθ' ὑμῶν καὶ οὐ μὴ συντριβῆτε ἐνώπιον τῶν ἐχθρῶν ὑμῶν
- 43 Mwen te pale nou, men nou pa t' koute m', nou derefize swiv lòd Seyè a te ban nou. Nou te konprann nou te fò kont kò nou pou n' te al pran mòn lan.
This I said to you, but you gave no attention and went against the orders of the Lord, and in your pride went up into the hill-country.
καὶ ἐλάλησα ὑμῖν καὶ οὐκ εἰσηκούσατέ μου καὶ παρέβητε τὸ ῥῆμα κυρίου καὶ παραβιασάμενοι ἀνέβητε εἰς τὸ ὄρος
- 44 Lè sa a, moun peyi Amori yo ki te rete nan mòn yo soti vin kontre ak nou. Tankou yon desen myèl, yo kouri dèyè nou, yo bat nou byen bat nan tout peyi Seyi a rive jouk Oma.
And the Amorites who were in the hill-country came out against you and put you to flight, rushing after you like bees, and overcame you in Seir, driving you even as far as Hormah.
καὶ ἐξῆλθεν ὁ αμορραῖος ὁ κατοικῶν ἐν τῷ ὄρει ἐκείνῳ εἰς συνάντησιν ὑμῖν καὶ κατεδίωξαν ὑμᾶς ὡς εἰ ποιήσαισαν αἱ μέλισσαι καὶ ἐτίτρωσκον ὑμᾶς ἀπὸ σιμρ ἕως ερμα
- 45 Lè nou tounen, nou kriye nan pye Seyè a, men Seyè a pa t' koute sa nou t'ap di l', li pa t' pran ka nou.
And you came back, weeping before the Lord; but the Lord gave no attention to your cries and did not give ear to you.
καὶ καθίσαντες ἐκλαίετε ἐναντὶ κυρίου καὶ οὐκ εἰσηκουσεν κύριος τῆς φωνῆς ὑμῶν οὐδὲ προσέσχεν ὑμῖν
- 46 Se poutèt sa nou te blije pase tout tan sa a nan zòn Kadès la.
So you were kept waiting in Kadesh for a long time.
καὶ ἐνεκάθησθε ἐν καδης ἡμέρας πολλὰς ὅσας ποτὲ ἡμέρας ἐνεκάθησθε
- 1 ¶ Lè sa a, nou tounen tounen nou nan dezè a, nou pran chemen Lanmè Wouj la pou nou, jan Seyè a te pase nou lòd la. Nou pase yon pakèt tan ap mache moute desann nan mòn peyi Seyi yo.
Then we went back, journeying into the waste land by the way to the Red Sea, as the Lord had said to me: and we were a long time going round Mount Seir.
καὶ ἐπιστραφέντες ἀπήραμεν εἰς τὴν ἔρημον ὁδὸν θάλασσαν ἐρυθρὰν ὃν τρόπον ἐλάλησεν κύριος πρὸς με καὶ ἐκυκλώσαμεν τὸ ὄρος τὸ σιμρ ἡμέρας πολλὰς
- 2 Apre sa, Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
And the Lord said to me,
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με
- 3 Nou fè kont moute desann nou nan mòn yo. Koulye a, pran direksyon nò pou nou.
You have been journeying round this mountain long enough: now go to the north;
ἱκανούσθω ὑμῖν κυκλοῦν τὸ ὄρος τοῦτο ἐπιστράφητε οὖν ἐπὶ βορρᾶν
- 4 Bay pèp la lòd sa a: Nou pral pase nan mitan peyi Seyi a, kote pitit pitit Ezaou yo rete a. Moun sa yo se menm ras ak nou yo ye. Y'ap pè nou, men, atansyon!
And give the people orders, saying, You are about to go through the land of your brothers, the children of Esau, who are living in Seir; and they will have fear of you; so take care what you do:
καὶ τῷ λαῷ ἔντελαι λέγων ὑμεῖς παραπορεύεσθε διὰ τῶν ὀρίων τῶν ἀδελφῶν ὑμῶν υἱῶν ἡσαυ οἱ κατοικοῦσιν ἐν σιμρ καὶ φοβηθήσονται ὑμᾶς καὶ εὐλαβηθήσονται ὑμᾶς σφόδρα
- 5 Pa chache yo kont, paske mwen p'ap ban nou ata yon pous tè nan peyi yo a. Se mwen menm ki bay moun fanmi Ezaou yo tout mòn Seyi a nèt pou yo rete.
Make no attack on them, for I will not give you any of their land, not even space enough for a man's foot: because I have given Mount Seir to Esau for his heritage.
μὴ συνάψητε πρὸς αὐτοὺς πόλεμον οὐ γὰρ μὴ δῶ ὑμῖν ἀπὸ τῆς γῆς αὐτῶν οὐδὲ βῆμα ποδός ὅτι ἐν κλήρῳ δέδωκα τοῖς υἱοῖς ἡσαυ τὸ ὄρος τὸ σιμρ
- 6 N'a achte manje pou nou manje nan men yo pou lajan nou, n'a mande yo achte ata dlo pou nou bwè.
You may get food for your needs from them for a price, and water for drinking.
βρώματα ἀργυρίου ἀγοράσατε παρ' αὐτῶν καὶ φάγεσθε καὶ ὕδωρ μέτρῳ λήμψεσθε παρ' αὐτῶν ἀργυρίου καὶ πίεσθε

- 7 Chonje byen, Seyè a, Bondye nou an, te beni nou nan tou sa n'ap fè. Li te pran swen nou pandan tout tan nou t'ap moute desann nan gwo dezè a. Sa fè karantan depi Seyè a la nan mitan nou, nou pa janm manke anyen.
For the blessing of the Lord your God has been on you in all the work of your hands: he has knowledge of your wanderings through this great waste: these forty years the Lord your God has been with you, and you have been short of nothing.
 ὁ γὰρ κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν εὐλόγησέν σε ἐν παντί ἔργῳ τῶν χειρῶν σου διάγνωθι πῶς διήλθες τὴν ἔρημον τὴν μεγάλην καὶ τὴν φοβερὰν ἐκείνην ἰδοὺ τεσσαράκοντα ἔτη κύριος ὁ θεός σου μετὰ σοῦ οὐκ ἐπεδείχθη ρήματος
- 8 ¶ Se konsa nou leve, nou pati, nou kite wout Araba a ki soti lavil Elat ak lavil Etsongebè, nou pase byen lwen peyi kote pitit Ezaou yo rete a, peyi ki pou moun menm ras ak nou yo. Nou vire, nou pran chemen ki mennen nan dezè Moab la.
So we went on past our brothers, the children of Esau, living in Seir, by the road through the Arabah, from Elath and Ezion-geber. And turning, we went by the road through the waste land of Moab.
 καὶ παρήλθομεν τοὺς ἀδελφοὺς ἡμῶν υἱοὺς ἡσαυ τοὺς κατοικοῦντας ἐν σιρη παρὰ τὴν ὁδὸν τὴν αραβα ἀπὸ αἰλων καὶ ἀπὸ γασιωνγαβερ καὶ ἐπιστρέψαντες παρήλθομεν ὁδὸν ἔρημον μοαβ
- 9 Lè sa a, Seyè a di m': Pa chache moun Moab yo, moun fanmi Lòt yo, kont. Pa al goumen ak yo paske mwen p'ap ban nou anyen nan peyi ki pou yo a. Se mwen menm ki bay yo lavil A Moab la pou yo rete.
And the Lord said to me, Make no attack on Moab and do not go to war with them, for I will not give you any of his land: because I have given Ar to the children of Lot for their heritage.
 καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με μὴ ἐχθραίνετε τοῖς μοαβίταις καὶ μὴ συνάψητε πρὸς αὐτοὺς πόλεμον οὐ γὰρ μὴ δῶ ὑμῖν ἀπὸ τῆς γῆς αὐτῶν ἐν κλήρῳ τοῖς γὰρ υἱοῖς λωτ δέδωκα τὴν σιρη κληρονομεῖν
- 10 (Nan tan lontan, se te emen yo ki te rete nan lavil Ar la. Se te yon ras moun ki te wo anpil tankou moun Anak yo. Yo te anpil, yo te barak gason.
(In the past the Emim were living there; a great people, equal in numbers to the Anakim and as tall;
 οἱ ομμιν πρότεροι ἐνεκάθητο ἐπ' αὐτῆς ἔθνος μέγα καὶ πολὺ καὶ ἰσχύοντες ὥσπερ οἱ ενακιμ
- 11 Tout lòt moun te rele yo refayim, menm non ak moun Anak yo. Men, se moun Moab yo ki te rele yo emen.
They are numbered among the Rephaim, like the Anakim; but are named Emim by the Moabites.
 ραφαῖν λογισθήσονται καὶ οὗτοι ὥσπερ οἱ ενακιμ καὶ οἱ μοαβῖται ἐπονομάζουσιν αὐτοὺς ομμιν
- 12 Konsa tou, nan tan lontan se orit yo ki te rete nan peyi Edon an. Men moun fanmi Ezaou yo te pran peyi a nan men yo, yo touye tout moun epi yo rete ladan l' nan plas moun yo, menm jan moun Izrayèl yo te fè pou peyi ki pou yo a, peyi Seyè a te ba yo a.)
And the Horites in earlier times were living in Seir, but the children of Esau took their place; they sent destruction on them and took their land for themselves, as Israel did to the land of his heritage which the Lord gave them.)
 καὶ ἐν σιρη ἐνεκάθητο ὁ χορραῖος πρότερον καὶ υἱοὶ ἡσαυ ἀπόλεσαν αὐτοὺς καὶ ἐξέτριψαν αὐτοὺς ἀπὸ προσώπου αὐτῶν καὶ κατωκίσθησαν ἀντ' αὐτῶν ὃν τρόπον ἐποίησεν ἰσραηλ τὴν γῆν τῆς κληρονομίας αὐτοῦ ἣν δέδωκεν κύριος αὐτοῖς
- 13 Aprè sa, Seyè a di ankò: Leve non! Janbe lòt bò ravin Zerèd la. Se konsa nou janbe lòt bò ravin Zerèd la.
Get up now, and go over the stream Zered. So we went over the stream Zered.
 νῦν οὖν ἀνάστητε καὶ ἀπάρατε ὑμεῖς καὶ παραπορεύεσθε τὴν φάραγμα ζαρετ καὶ παρήλθομεν τὴν φάραγμα ζαρετ
- 14 Nou pran trantwitan pou nou mache soti Kadès Banea jouk nou rive janbe lòt bò ravin Zerèd la. Pandan tout tan sa a, mezi gason ki te gen laj pou fè lagè lè sa a te gen tan mouri, jan Seyè a te di li t'ap fè a.
Thirty-eight years had gone by from the time when we came away from Kadesh-barnea till we went over the stream Zered; by that time all the generation of the men of war among us were dead, as the Lord had said.
 καὶ αἱ ἡμέραι ἃς παρεπορεύθημεν ἀπὸ καδης βαρνη ἕως οὗ παρήλθομεν τὴν φάραγμα ζαρετ τριάκοντα καὶ ὀκτῶ ἔτη ἕως οὗ διέπεσαν πᾶσα γενεὰ ἀνδρῶν πολεμιστῶν ἀποθνήσκοντες ἐκ τῆς παρεμβολῆς ἧς καθότι ὤμοσεν αὐτοῖς ὁ θεός
- 15 Seyè a te leve dèyè yo nan kan an jouk yo tout te mouri.
For the hand of the Lord was against them, working their destruction, till all were dead.
 καὶ ἡ χεὶρ τοῦ θεοῦ ἦν ἐπ' αὐτοῖς ἐξαναλώσαι αὐτοὺς ἐκ τῆς παρεμβολῆς ἕως οὗ διέπεσαν
- 16 Lè tout gason ki te gen laj pou fè lagè lè sa a te fin mouri,
So when death had overtaken all the men of war among the people,
 καὶ ἐγενήθη ἐπεὶ διέπεσαν πάντες οἱ ἄνδρες οἱ πολεμισταὶ ἀποθνήσκοντες ἐκ μέσου τοῦ λαοῦ
- 17 Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
The word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς με λέγων

- 18 Jòdi a ou pral pase fwontyè peyi Moab la, ou pral pran chemen lavil Ar la.
 You are about to go by Ar, the limit of the country of Moab;
 σὺ παραπορεύῃ σήμερον τὰ ὄρια μοαβ τὴν σιρ
- 19 Ou pral tonbe bab pou bab ak moun Amori yo. Pa chache yo kont. Pa al goumen ak yo paske mwen p'ap ba ou anyen nan peyi Amon an. Se pitit pitit Lòt yo ye; se mwen menm ki ba yo peyi sa a pou yo rete.
 And when you come near the land of the children of Ammon, give them no cause of trouble and do not make war on them, for I will not give you any of the land of the children of Ammon for your heritage: because I have given it to the children of Lot.
 καὶ προσάξετε ἐγγὺς υἱῶν αμμων μὴ ἐχθραίνετε αὐτοῖς καὶ μὴ συνάψητε αὐτοῖς εἰς πόλεμον οὐ γὰρ μὴ δῶ ἀπὸ τῆς γῆς υἱῶν αμμων σοὶ ἐν κλήρῳ ὅτι τοῖς υἱοῖς λωτ δέδωκα αὐτὴν ἐν κλήρῳ
- 20 (Nan tan lontan, dapre sa yo di, peyi sa a, se te peyi refayim yo. Se refayim yo ki te rete ladan l' anvan. Moun Amon yo te rele yo Zamzoumim.
 (That land is said to have been a land of the Rephaim, for Rephaim had been living there in earlier times, but they were named Zamzoumim by the Ammonites;
 γῆ ραφαῖν λογισθήσεται καὶ γὰρ ἐπ' αὐτῆς κατόκουον οἱ ραφαῖν τὸ πρότερον καὶ οἱ αμμωνῖται ὀνομάζουσιν αὐτοὺς ζομζομμιν
- 21 Yo te bèl wotè tankou moun Anak yo. Yo te anpil, yo te barak gason. Men, Seyè a te touye yo pou moun Amon yo te ka pran peyi a nan men yo, pou yo te ka rete yo menm ladan l'.
 They were a great people, tall as the Anakim, and equal to them in number; but the Lord sent destruction on them and the children of Ammon took their place, living in their land;
 ἔθνος μέγα καὶ πολλὸ καὶ δυνατώτερον ὑμῶν ὥσπερ οἱ ενακιμ καὶ ἀπόλεσεν αὐτοὺς κύριος πρὸ προσώπου αὐτῶν καὶ κατεκληρονόμησαν καὶ κατωκίσθησαν αὐτ' αὐτῶν ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 22 Se menm bagay Seyè a te fè pou moun fanmi Ezaou yo ki rete nan peyi Seyi a. Li touye orit yo pou moun Ezaou yo te ka pran peyi a nan men yo, pou yo te ka rete yo menm ladan l'.
 As he did for the children of Esau living in Seir, when he sent destruction on the Horites before them, and they took their land where they are living to this day:
 ὥσπερ ἐποίησαν τοῖς υἱοῖς ἡσαυ τοῖς κατοικοῦσιν ἐν σιρ ὃν τρόπον ἐξέτριψαν τὸν χορραῖον ἀπὸ προσώπου αὐτῶν καὶ κατεκληρονόμησαν καὶ κατωκίσθησαν αὐτ' αὐτῶν ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 23 Se menm bagay la ki rive avit yo ki te rete nan tout ti bouk ou jwenn jouk ou rive lavil Gaza: moun Kaftò yo soti zile Krèt, yo touye avit yo epi yo rete nan peyi a nan plas yo.
 And the Avvim, living in the small towns as far as Gaza, came to destruction by the hands of the Caphtorim who came out from Caphtor and took their land.)
 καὶ οἱ εὐαῖοι οἱ κατοικοῦντες ἐν ασηρωθ ἕως γάζης καὶ οἱ καππάδοκες οἱ ἐξεληθόντες ἐκ καππαδοκίας ἐξέτριψαν αὐτοὺς καὶ κατωκίσθησαν αὐτ' αὐτῶν
- 24 ¶ Seyè a di m' ankò: Leve, ranmase tout zafè nou yo. Pase lòt bò ravin Anon an. Mwen pral lage Siyon, moun peyi Amori ki wa lavil Esbon an, ansanm ak tout peyi li a nan menm nou. Atake l', konmanse pran peyi a pou nou.
 Get up now, and go on your journey, crossing over the valley of the Arnon: see, I have given into your hands Sihon, the Amorite, king of Heshbon, and all his land: go forward to make it yours, and make war on him,
 νῦν οὖν ἀνάστητε καὶ ἀπάρατε καὶ παρέλθατε ὑμεῖς τὴν φάραγγα ἀρνων ἰδοὺ παραδέδωκα εἰς τὰς χεῖράς σου τὸν σιων βασιλέα εσεβων τὸν αμορραῖον καὶ τὴν γῆν αὐτοῦ ἐνάρχου κληρονομεῖν σύναπτε πρὸς αὐτὸν πόλεμον
- 25 Depi jòdi a, m'ap fè tout nasyon ki sou latè pè nou kou chat. Konsa, depi y'a tande yo nonmen non nou, y'a pran tranble, y'a gen yon sèl kè sere k'ap pran yo.
 From now on I will put the fear of you in all peoples under heaven, who, hearing of you, will be shaking with fear and grief of heart because of you.
 ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ ἐνάρχου δοῦναι τὸν τρόπον σου καὶ τὸν φόβον σου ἐπὶ πρόσωπον πάντων τῶν ἐθνῶν τῶν ὑποκάτω τοῦ οὐρανοῦ οἵτινες ἀκούσαντες τὸ ὄνομά σου ταραχθήσονται καὶ ὠδύνας ἔξουσι ν ἀπὸ προσώπου σου
- 26 Lè sa a, antan nou te nan dezè Kedemòt la, mwen voye kèk mesaje bò kote Siyon, wa lavil Esbon an, pou yo te pale an zanmi avè l', pou yo te di l' pou mwen:
 Then from the waste land of Kedemoth I sent representatives to Sihon, king of Heshbon, with words of peace, saying,
 καὶ ἀπέστειλα πρέσβεις ἐκ τῆς ἐρήμου κεδαμοθ πρὸς σιων βασιλέα εσεβων λόγους εἰρηνικοῖς λέγων
- 27 Mwen fè lide pase nan peyi a. N'ap pase pase nou sou gran chemen an san nou pa vire ni adwat ni agoch.
 Let me go through your land: I will keep to the highway, not turning to the right or to the left;
 παρελεύσομαι διὰ τῆς γῆς σου ἐν τῇ ὁδῷ παρελεύσομαι οὐχὶ ἐκκλινῶ δεξιὰ οὐδὲ ἀριστερά
- 28 W'a vann nou pou lajan nou manje nou ka bezwen pou n' manje ansanm ak dlo pou nou bwè. Se pase sèlman n'ap pase nan peyi a san rete,
 Let me have food, at a price, for my needs, and water for drinking: only let me go through on foot;
 βρώματα ἀργυρίου ἀποδώσει μοι καὶ φάγομαι καὶ ὕδωρ ἀργυρίου ἀποδώσει μοι καὶ πίομαι πλην ὅτι παρελεύσομαι τοῖς ποσίν
- 29 jouk nou rive lòt bò larivyè Jouden an, nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an. Se konsa moun fanmi Ezaou yo ki te rete nan peyi Seyi a, ak moun Moab yo ki rete nan lavil Ar la te ban nou pèmisyon pou n' pase nan peyi yo.
 As the children of Esau did for me in Seir and the Moabites in Ar; till I have gone over Jordan into the land which the Lord our God is giving us.
 καθὼς ἐποίησάν μοι οἱ υἱοὶ ἡσαυ οἱ κατοικοῦντες ἐν σιρ καὶ οἱ μοαβῖται οἱ κατοικοῦντες ἐν αρορη ἕως παρέλθω τὸν ἰορδάνην εἰς τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν δίδωσιν ἡμῖν

- 30 Men, Siyon, wa Esbon an, pa t' dakò pou l' te kite nou pase nan pèyi l' la. Seyè a, Bondye nou an, fè l' kenbe tèt ak nou, li fè l' refize chanje lide malgre tou sa nou fè, pou l' sa lage l' nan men nou ansanm ak tout peyi a, jan sa ye jouk koulye a.
But Sihon, king of Heshbon, would not let us go through; for the Lord your God made his spirit hard and his heart strong, so that he might give him up into your hands as at this day.
 και οὐκ ἠθέλησεν σηων βασιλεὺς εσεβων παρελθεῖν ἡμᾶς δι' αὐτοῦ ὅτι ἐσκλήρυνεν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν τὸ πνεῦμα αὐτοῦ καὶ κατίσχυσεν τὴν καρδίαν αὐτοῦ ἵνα παραδοθῆ εἰς τὰς χεῖράς σου ὡς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ
- 31 Lè sa a, Seyè a di m' konsa: Gade! Depi koulye a mwen lage Siyon ak tout peyi li a nan men nou. Konmanse anvayi peyi a, pran peyi l' la pou nou.
And the Lord said to me, See, from now on I have given Sihon and his land into your hands: go forward now to take his land and make it yours.
 και εἶπεν κύριος πρὸς με ἰδοὺ ἤργμαι παραδοῦμαι πρὸ προσώπου σου τὸν σηων βασιλέα εσεβων τὸν αμορραῖον καὶ τὴν γῆν αὐτοῦ ἑναρξαι κληρονομησαι τὴν γῆν αὐτοῦ
- 32 Siyon mache kontre nou ak tout lame l' la, li vin mande nou batay bò Jayat.
Then Sihon came out against us with all his people, to make an attack on us at Jahaz.
 και ἐξῆλθεν σηων βασιλεὺς εσεβων εἰς συνάντησιν ἡμῖν αὐτὸς καὶ πᾶς ὁ λαὸς αὐτοῦ εἰς πόλεμον ιασσα
- 33 Men, Seyè a, Bondye nou an, lage l' nan men nou. Nou bat li byen bat, li menm, pitit gason l' yo ak tout lame l' yo.
And the Lord our God gave him into our hands; and we overcame him and his sons and all his people.
 και παρεδωκεν αὐτὸν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν πρὸ προσώπου ἡμῶν καὶ ἐπατάξαμεν αὐτὸν καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ πάντα τὸν λαὸν αὐτοῦ
- 34 Tout lavil yo tonbe nan men nou tou epi nou touye yo nèt pou Bondye nou an tankou yon ofrann. Nou touye tout moun nèt, fanm kou gason, timoun kou granmoun. Nou pa kite yonn chape.
At that time we took all his towns, and gave them over to complete destruction, together with men, women, and children; we had no mercy on any:
 και ἐκρατήσαμεν πασῶν τῶν πόλεων αὐτοῦ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ καὶ ἐξωλεθρεύσαμεν πᾶσαν πόλιν ἐξῆς καὶ τὰς γυναῖκας αὐτῶν καὶ τὰ τέκνα αὐτῶν οὐ κατελίπομεν ζωγρείαν
- 35 Tansèlman, nou pran tout bèt yo pou nou epi nou piye tout lavil nou te pran yo.
Only the cattle we took for ourselves, with the goods from the towns we had taken.
 πλην τὰ κτήνη ἐπρονομεύσαμεν καὶ τὰ σκύλα τῶν πόλεων ἐλάβομεν
- 36 Depi lavil Awoyè ki anwo bò falèz ki bay sou ravin Anon an ak lavil ki nan fon an, jouk lavil Galarad la, pa t' gen yon lavil ki te ka kenbe tèt ak nou. Seyè a, Bondye nou an, te lage yo tout nan men nou.
From Aroer on the edge of the valley of the Arnon and from the town in the valley as far as Gilead, no town was strong enough to keep us out; the Lord our God gave them all into our hands:
 ἐξ αροηρ ἣ ἐστὶν παρὰ τὸ χεῖλος χειμάρρου αρνων καὶ τὴν πόλιν τὴν οὖσαν ἐν τῇ φάραγγι καὶ ἕως ὄρους τοῦ γαλααδ οὐκ ἐγενήθη πόλις ἣτις διέφυγεν ἡμᾶς τὰς πάσας παρεδωκεν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν εἰς τὰς χεῖρας ἡμῶν
- 37 Men nou pa t' pwoche bò peyi moun Amon yo, ni bò zòn larivyè Jabòk la, ni bò lavil ki nan mòn yo, ni bò ankenn kote Seyè a te ban nou lòd pa atake.
But you did not go near the land of the children of Ammon, that is, all the side of the river Jabbok or the towns of the hill-country, wherever the Lord our God had said we were not to go.
 πλην εἰς γῆν υἱῶν αμμων οὐ προσήλθομεν πάντα τὰ συγκυροῦντα χειμάρρου ιαβοκ καὶ τὰς πόλεις τὰς ἐν τῇ ὄρεινῃ καθότι ἐνετείλατο ἡμῖν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν
- 1 ¶ Apre sa, nou pran yon lòt chemen nan direksyon peyi Bazan an. Men, Og, wa peyi Bazan an, sofè ak tout lame li a, li vin kare pou batay ak nou bò lavil Edreyi a.
Then turning we took the road to Bashan: and Og, king of Bashan, came out against us with all his people, and made an attack on us at Edrei.
 και ἐπιστραφέντες ἀνέβημεν ὁδὸν τὴν εἰς βασαν καὶ ἐξῆλθεν οἰ βασιλεὺς τῆς βασαν εἰς συνάντησιν ἡμῖν αὐτὸς καὶ πᾶς ὁ λαὸς αὐτοῦ εἰς πόλεμον εἰς εδραῖν
- 2 Lè sa a, Seyè a di m' konsa: Nou pa bezwen pè li, mwen pral lage yo nan men nou, li menm ansanm ak tout pèp li a ak tout peyi li a. Menm sa nou te fè Siyon, wa peyi Amori ki te rete lavil Esbon an, se sa nou pral fè li tou.
And the Lord said to me, Have no fear of him: for I have given him and all his people and his land into your hands; do to him as you did to Sihon, king of the Amorites, who was ruling in Heshbon.
 και εἶπεν κύριος πρὸς με μὴ φοβηθῆς αὐτόν ὅτι εἰς τὰς χεῖράς σου παραδέδωκα αὐτόν καὶ πάντα τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ πᾶσαν τὴν γῆν αὐτοῦ καὶ ποιήσεις αὐτῷ ὡσπερ ἐποίησας σηων βασιλεῖ τῶν αμορρ αἰὼν ὃς κατόκει ἐν εσεβων
- 3 Se konsa Seyè a, Bondye nou an, te lage Og, wa peyi Bazan an, nan men nou ansanm ak tout pèp li a. Nou touye yo tout. Nou pa kite pesonn chape.
So the Lord our God gave up Og, king of Bashan, and all his people into our hands; and we overcame him so completely that all his people came to their end in the fight.
 και παρεδωκεν αὐτόν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν εἰς τὰς χεῖρας ἡμῶν καὶ τὸν οἰ βασιλέα τῆς βασαν καὶ πάντα τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ ἐπατάξαμεν αὐτόν ἕως τοῦ μὴ καταλιπεῖν αὐτοῦ σπέρμα
- 4 Konsa tou, nou pran tout lavil yo pou nou. Pa t' gen yonn menm ki pa t' tonbe nan men nou. Antou nou te pran swasant lavil, tout lavil ki te nan zòn Agòb la, kote Og, wa Bazan an, t'ap gouvènen.
At that time we took all his towns; there was not one town of the sixty towns, all the country of Argob, the kingdom of Og in Bashan, which we did not take.
 και ἐκρατήσαμεν πασῶν τῶν πόλεων αὐτοῦ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ οὐκ ἦν πόλις ἣν οὐκ ἐλάβομεν παρ' αὐτῶν ἐξήκοντα πόλεις πάντα τὰ περὶχωρα αργοβ βασιλείας οἰ ἐν βασαν

- 5 Tout lavil sa yo te gen bèl defans. Yo te gen ranpa byen wo, gwo baryè ak ba solid pou fèmèn baryè yo. Nou te pran tou yon bann lòt lavil ki pa t' gen ranpa.
All these towns had high walls round them with doors and locks; and in addition we took a great number of unwalled towns.
πᾶσαι πόλεις ὄχυραὶ τεῖχη ὑψηλά πύλαι καὶ μογλοὶ πλὴν τῶν πόλεων τῶν φερεζαίων τῶν πολλῶν σφόδρα
- 6 Nou detwi yo nèt pou Bondye tankou yon ofrann, menm jan nou te fè l' pou Siyon, wa lavil Esbon an. Nou touye tout moun ki te nan lavil yo, fann kou gason, timoun kou granmoun.
And we put them to the curse, every town together with men, women, and children.
ἐξωλεθρεύσαμεν αὐτούς ὥσπερ ἐποιήσαμεν τὸν σιὼν βασιλέα εσεβων καὶ ἐξωλεθρεύσαμεν πᾶσαν πόλιν ἐξῆς καὶ τὰς γυναῖκας καὶ τὰ παιδιά
- 7 Men, nou pran tout zannimo yo ak tout lòt bagay ki gen valè nan lavil yo pou nou.
But we took for ourselves all the cattle and the stored wealth of the towns.
καὶ πάντα τὰ κτήνη καὶ τὰ σκῦλα τῶν πόλεων ἐπρονομεύσαμεν ἑαυτοῖς
- 8 Se konsa, lè sa a, nou pran pou nou peyi tou de wa peyi Amori yo ki t'ap viv sou bò solèy leve, depi ravin Anon jouk mòn Emon, lòt bò larivyè Jouden an.
At that time we took their land from the two kings of the Amorites on the far side of Jordan, from the valley of the Arnon to Mount Hermon;
καὶ ἐλάβομεν ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ τὴν γῆν ἐκ χειρῶν δύο βασιλέων τῶν αμορραίων οἱ ἦσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου ἀπὸ τοῦ χειμάρρου ἀρνων καὶ ἕως αερμων
- 9 Moun Sidon yo rele mòn Emon an Siryon, men moun Amori yo menm rele l' Seni.
(By the Sidonians, Hermon is named Sirion, and by the Amorites Shenir;)
οἱ φοίνικες ἐπονομάζουσιν τὸ αερμων σανιωρ καὶ ὁ αμορραῖος ἐπονόμασεν αὐτὸ σανιρ
- 10 Nou pran tout lavil ki nan gwo platon sou tèt mòn yo, tout peyi Galarad la ak peyi Bazan an rive jouk Salka ak Edreyi, de lavil ki te pou Og, wa Bazan an.
All the towns of the table-land and all Gilead and Bashan as far as Salecah and Edrei, towns of the kingdom of Og in Bashan.
πᾶσαι πόλεις μισωρ καὶ πᾶσα γαλααδ καὶ πᾶσα βασαν ἕως σελχα καὶ εδραῖν πόλεις βασιλείας τοῦ ωγ ἐν τῇ βασαν
- 11 (Og, wa Bazan an, se te dènye moun nan ras refayim yo ki te vivan. Sèkèy li te fèt an fè, li te gen kat mètrè edmi longè sou de mètrè lajè. Yo ka wè l' jouk koulye a nan lavil yo rele Raba moun Amon yo.)
(For Og, king of Bashan, was the last of all the Rephaim; his bed was made of iron; is it not in Rabbah, in the land of the children of Ammon? It was nine cubits long and four cubits wide, measured by the common cubit.)
ὅτι πλὴν ωγ βασιλεὺς βασαν κατελείφθη ἀπὸ τῶν ραφαῖν ἰδοὺ ἡ κλίνη αὐτοῦ κλίνη σιδηρᾶ ἰδοὺ αὕτη ἐν τῇ ἄκρᾳ τῶν υἰῶν αμμων ἐννέα πηχῶν τὸ μήκος αὐτῆς καὶ τεσσάρων πηχῶν τὸ εὖρος αὐτῆς ἐν πήχει ἀνδρός
- 12 ¶ Lè nou fin pran peyi a pou nou, mwen bay branch fanmi Woubenn lan ak branch fanmi Gad la pòsyon ki soti bò lavil Awoyè a, toupre ravin Anon, rive pran mwaye nan mòn Galarad la avèk tout lavil ki ladan yo.
And this land which we took at that time, from Aroer by the valley of the Arnon, and half the hill-country of Gilead with its towns, I gave to the Reubenites and the Gadites.
καὶ τὴν γῆν ἐκείνην ἐκληρονομήσαμεν ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ ἀπὸ ἀροηρ ἢ ἐστὶν ἐπὶ τοῦ χειλούς χειμάρρου ἀρνων καὶ τὸ ἥμισυ ὄρους γαλααδ καὶ τὰς πόλεις αὐτοῦ ἔδωκα τῷ ρουβην καὶ τῷ γαδ
- 13 Mwen bay mwaye nan branch fanmi Manase a rès zòn Galarad la ak tout peyi Bazan an, kote Og t'ap gouvènè an. (Dapre sa yo di, peyi Bazan an, tout zòn Agòb la, se peyi refayim yo.
The rest of Gilead and all Bashan, the kingdom of Og, all the land of Argob, together with Bashan, I gave to the half-tribe of Manasseh. (This land is named the land of the Rephaim.
καὶ τὸ κατάλοιπον τοῦ γαλααδ καὶ πᾶσαν τὴν βασαν βασιλείαν ωγ ἔδωκα τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση καὶ πᾶσαν περίχωρον ἀργοβ πᾶσαν τὴν βασαν ἐκείνην γῆ ραφαῖν λογισθήσεται
- 14 Jayit, moun fanmi Manase, te pran tout zòn Agòb la, ki vle di peyi Bazan an rive jouk sou fwontyè peyi moun Jechou yo ak peyi moun Maka yo. Li bay peyi a non li. Li rele l' Bouk Jayi. Non sa a rete pou peyi a jouk koulye a.)
Jair, the son of Manasseh, took all the land of Argob, as far as the country of the Geshurites and the Maacathites, naming it, Bashan, Havvoth-Jair after himself, as it is to this day.)
καὶ ἰαῖρ υἱὸς μανασση ἔλαβεν πᾶσαν τὴν περίχωρον ἀργοβ ἕως τῶν ὀρίων γαργασι καὶ ομαχαθι ἐπονόμασεν αὐτὰς ἐπὶ τῷ ὀνόματι αὐτοῦ τὴν βασαν αουθ ἰαῖρ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 15 Mwen bay Maki peyi Galarad la.
And Gilead I gave to Machir.
καὶ τῷ μαχιρ ἔδωκα τὴν γαλααδ
- 16 Mwen bay branch fanmi Woubenn ak branch fanmi Gad yo zòn ki soti depi peyi Galarad la rive ravin Anon. Sou nan sid, baliz peyi a pase nan mitan ravin Anon. Sou nan nò, peyi a rive rivyè Jabòk ki te sèvi l' fwontyè ak peyi Amon an.
And the land from Gilead to the valley of the Arnon, with the middle of the valley as a limit, as far as the river Jabbok which is the limit of the country of the children of Ammon, I gave to the Reubenites and the Gadites;
καὶ τῷ ρουβην καὶ τῷ γαδ δέδωκα ἀπὸ τῆς γαλααδ ἕως χειμάρρου ἀρνων μέσον τοῦ χειμάρρου ὄριον καὶ ἕως τοῦ ἰαβοκ ὁ χειμάρρους ὄριον τοῖς υἱοῖς αμμων

- 17 Sou bò solèy kouche, larivyè Jouden an, depi letan Kinerèt jouk lanmè Sale a, lanmè yo rele Araba a, va sèvi fwontyè ki va desann anba lanmè Sale a jouk nan pye mòn Pisga a bò solèy leve.
As well as the Arabah, with the river Jordan as their limit, from Chinnereth to the Salt Sea, under the slopes of Pisgah to the east.
καὶ ἡ ἀραβα καὶ ὁ ἰορδάνης ὄριον μαχαναρεθ καὶ ἕως θαλάσσης ἀραβα θαλάσσης ἀλκικῆς ὑπὸ ἀσηδωθ τὴν φασγα ἀνατολῶν
- 18 Menm lè sa a tou, mwen ba yo lòd sa yo: Seyè a, Bondye nou an, te ban nou peyi sa a pou nou rete! Koulye a, se pou tout gason ki gen laj pou fè lagè pran zam yo. Se pou yo janbe lòt bò larivyè Jouden an pran devan moun lòt branch fanmi nou yo.
At that time I gave you orders, saying, The Lord has given you this land for your heritage: all the men of war are to go over armed before your brothers the children of Israel.
καὶ ἐντεταλάμην ὑμῖν ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ λέγων κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ἔδωκεν ὑμῖν τὴν γῆν ταύτην ἐν κλήρῳ ἐνοπλισάμενοι προπορεύεσθε πρὸ προσώπου τῶν ἀδελφῶν ὑμῶν υἱῶν ἰσραὴλ πᾶς δυνατός
- 19 Sèl moun n'a kite nan lavil mwen ban nou yo, se va madanm nou ak pitit nou yo ansanm ak bèt nou yo. Pou bèt, mwen konnen nou pa manke sa.
But your wives and your little ones and your cattle (for it is clear that you have much cattle) may go on living in the towns I have given you;
πλὴν αἱ γυναῖκες ὑμῶν καὶ τὰ τέκνα ὑμῶν καὶ τὰ κτήνη ὑμῶν οἶδα ὅτι πολλὰ κτήνη ὑμῖν κατοικεῖτωσαν ἐν ταῖς πόλεσιν ὑμῶν αἷς ἔδωκα ὑμῖν
- 20 N'a ede rès moun pèp Izrayèl yo jouk Seyè a va fin ba yo pòsyon pa yo jan li deja fè l' pou nou an, jouk y'a fin pran peyi Seyè a ap ba yo a lòt bò larivyè Jouden. Se lè sa a n'a tounen nan peyi mwen te chwazi pou m' ban nou an.
Till the Lord has given rest to your brothers as to you, and till they have taken for themselves the land which the Lord your God is giving them on the other side of Jordan: then you may go back, every man of you, to the heritage which I have given you.
ἕως ἂν καταπαύσῃ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν τοὺς ἀδελφοὺς ὑμῶν ὥσπερ καὶ ὑμᾶς καὶ κατακληρονομήσουσιν καὶ οὗτοι τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν δίδωσιν αὐτοῖς ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου καὶ ἐπαναστραφήσεσθε ἕκαστος εἰς τὴν κληρονομίαν αὐτοῦ ἣν ἔδωκα ὑμῖν
- 21 ¶ Apre sa, mwen bay Jozye lòd sa a: Ou wè ak je ou tou sa Seyè a, Bondye nou an, te fè de wa peyi Amon yo. Se menm bagay la Seyè a ap fè wa tout peyi kote nou pral pase yo.
And I gave orders to Joshua at that time, saying, Your eyes have seen what the Lord your God has done to these two kings: so will the Lord do to all the kingdoms into which you come.
καὶ τῷ ἰησοῖ ἐντεταλάμην ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ λέγων οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν ἐώρακασιν πάντα ὅσα ἐποίησεν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν τοῖς δυοῖ βασιλεῦσι τούτοις οὕτως ποιήσει κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν πάσας τὰς βασιλείας ἐφ' αἷς σὺ διαβαίνεις ἐκεῖ
- 22 Nou pa bezwen pè yo menm. Se Seyè a menm, Bondye nou an, ki pral goumen pou nou.
Have no fear of them, for the Lord your God will be fighting for you.
οὐ φοβηθήσεσθε ὅτι κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν αὐτὸς πολεμήσει περὶ ὑμῶν
- 23 Lè sa a atò, mwen mande Seyè a yon favè. Mwen di l':
And at that time I made request to the Lord, saying,
καὶ ἐδεήθην κυρίου ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ λέγων
- 24 Seyè, Bondye mwen, se ou menm ki konmanse fè sèvitè ou la wè jan ou gen pouvwa, jan ou gen fòs kouraj. Pa gen lòt bondye ni nan syèl, ni sou latè ki ka fè tout gwo bagay w'ap fè yo.
O Lord God, you have now for the first time let your servant see your great power and the strength of your hand; for what god is there in heaven or on earth able to do such great works and such acts of power?
κύριε κύριε σὺ ἦρξω δεῖξαι τῷ σῷ θεράποντι τὴν ἰσχύν σου καὶ τὴν δυνάμιν σου καὶ τὴν χεῖρα τὴν κραταιὰν καὶ τὸν βραχίονα τὸν ὑψηλόν τίς γάρ ἐστιν θεὸς ἐν τῷ οὐρανῷ ἢ ἐπὶ τῆς γῆς ὅστις ποιήσει καθὰ σὺ ἐποίησας καὶ κατὰ τὴν ἰσχύν σου
- 25 Tanpri souple, kite m' travèse lòt bò larivyè Jouden an pou m' ka wè bèl peyi ki lòt bò a, bèl mòn sa yo ak peyi Liban an tou.
Let me go over, O Lord, and see the good land on the other side of Jordan, and that fair mountain country, even Lebanon.
διαβὰς οὖν ὄψομαι τὴν γῆν τὴν ἀγαθὴν ταύτην τὴν οὖσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου τὸ ὄρος τοῦτο τὸ ἀγαθὸν καὶ τὸν ἀντιλίβανον
- 26 Men, se nou menm ki lakòz Seyè a te fache sou mwen, li refize tande m'. Li di m' konsa: Ase la! Pa janm vin pale m' bagay sa a ankò.
But the Lord was angry with me because of you and would not give ear to my prayer; and the Lord said to me, Let it be enough, say no more about this thing.
καὶ ὑπερέτιδεν κύριος ἐμὲ ἕνεκεν ὑμῶν καὶ οὐκ εἰσήκουσέν μου καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με ἰκανούσθω σοι μὴ προσθῆς ἔτι λαλῆσαι τὸν λόγον τοῦτον
- 27 Moute sou tèt mòn Pisga a. Antan ou la, w'a voye je ou, w'a gade sou bò nò, sou bò sid, sou bò solèy kouche ak sou bò solèy leve. Louvri je ou. Gade byen, paske ou p'ap janm mete pwent pye ou lòt bò larivyè Jouden an.
Go up to the top of Pisgah, and turning your eyes to the west and the north, to the south and the east, see the land with your eyes: for you are not to go over Jordan.
ἀνάβηθι ἐπὶ κορυφὴν λελαξευμένον καὶ ἀναβλέψας τοῖς ὀφθαλμοῖς κατὰ θάλασσαν καὶ βορρᾶν καὶ λίβα καὶ ἀνατολὰς καὶ ἰδὲ τοῖς ὀφθαλμοῖς σου ὅτι οὐ διαβήσῃ τὸν ἰορδάνην τοῦτον
- 28 Bay Jozye lòd tou sa pou li fè. Ankouraje l'. Ba li fòs kouraj, paske se li menm ki pral janbe lòt bò larivyè Jouden an alatèt pèp la. Se li menm ki pral fè yo pran peyi ou pral wè a pou yo.
But give my orders to Joshua, comforting him and making him strong; for he is to go over Jordan at the head of this people, and he will give them this land which you will see for their heritage.
καὶ ἐντεταλαί ἰησοῖ καὶ κατίσχυσον αὐτὸν καὶ παρακάλεσον αὐτόν ὅτι οὗτος διαβήσεται πρὸ προσώπου τοῦ λαοῦ τοῦτου καὶ αὐτὸς κατακληρονομήσει αὐτοῖς τὴν γῆν ἣν ἐώρακας

- 29 Epi nou rete nan fon an, anfas lavil Bètpèyò.
So we were waiting in the valley facing Beth-peor.
καὶ ἐνεκαθήμεθα ἐν νάπη σύνεγγυς οἴκου φογωρ
- 1 ¶ Apre sa, Moyiz di pèp la: -Koulye a, nou menm pèp Izrayèl, se pou nou kenbe tout lòd ak tout prensip mwen te moutre nou yo. Se pou nou mache dapre lòd sa yo pou nou ka viv, pou nou ka antre nan peyi Seyè a, Bondye zansèt nou yo, ap ban nou an.
And now give ear, O Israel, to the laws and the decisions which I am teaching you, and do them; so that life may be yours, and you may go in and take for yourselves the land which the Lord, the God of your fathers, is giving you.
καὶ νῦν ἰσραηλ ἄκουε τῶν δικαιωμάτων καὶ τῶν κριμάτων ὅσα ἐγὼ διδάσκω ὑμᾶς σήμερον ποιεῖν ἵνα ζητε καὶ πολυπλασιασθῆτε καὶ εἰσελθόντες κληρονομήσητε τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς τῶν πατέρων ὑμῶν δίδωσιν ὑμῖν
- 2 Piga nou mete, piga nou wete anyen sou sa mwen mande nou fè a. Se pou nou kenbe tout kòmandman Seyè a, Bondye nou an, jan mwen te moutre nou yo a.
Make no addition to the orders which I give you, and take nothing from them, but keep the orders of the Lord your God which I give you.
οὐ προσθήσετε πρὸς τὸ ῥῆμα ὃ ἐγὼ ἐντέλλομαι ὑμῖν καὶ οὐκ ἀφελεῖτε ἀπ' αὐτοῦ φυλάσσετε τὰς ἐντολὰς κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι ὑμῖν σήμερον
- 3 Nou menm, nou te wè sa Seyè a te fè bò mòn Peyò a, lè li te touye tout moun nan mitan nou ki te al fè sèvis pou Baal sou mòn lan.
Your eyes have seen what the Lord did because of Baal-peor: for destruction came from the Lord on all those among you who went after Baal-peor.
οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν ἐώρακασιν πάντα ὅσα ἐποίησεν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν τῷ βεελφεγορ ὅτι πᾶς ἄνθρωπος ὅστις ἐπορεύθη ὀπίσω βεελφεγορ ἐξέτριψεν αὐτὸν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ἐξ ὑμῶν
- 4 Men, nou menm ki pa t' lage pye Seyè a, Bondye nou an, nou tout la byen vivan toujou.
But you who kept faith with the Lord are living, every one of you, today.
ὁμοῖς δὲ οἱ προσκείμενοι κυρίῳ τῷ θεῷ ὑμῶν ζῆτε πάντες ἐν τῇ σήμερον
- 5 Gade! Mwen te moutre nou tout lòd ak tout regleman, jan Seyè a, Bondye mwen an, te mande m' fè l' la, pou nou te ka viv dapre lòd sa yo nan peyi nou pral pran pou nou an.
I have been teaching you laws and decisions, as I was ordered to do by the Lord my God, so that you might keep them in the land to which you are going to take it for your heritage.
ἴδετε δέδειχα ὑμῖν δικαιώματα καὶ κρίσεις καθὰ ἐνετείλατό μοι κύριος ποιῆσαι οὕτως ἐν τῇ γῇ εἰς ἣν ὑμεῖς εἰσπορεύεσθε ἐκεῖ κληρονομεῖν αὐτήν
- 6 Se pou nou kenbe yo, se pou nou fè tou sa yo mande nou fè ladan yo. Paske, se konsa n'a fè lòt nasyon yo wè jan nou gen konprann, jan nou gen lespri. Lè y'a rive tande pale tout lòd sa yo, y'a di:
Ala yon gwo pèp, papa! Pèp sa a gen tan gen konprann, yo gen tan gen lespri!
So keep these laws and do them; for so will your wisdom and good sense be clear in the eyes of the peoples, who hearing all these laws will say, Truly, this great nation is a wise and far-seeing people.
καὶ φυλάξεσθε καὶ ποιήσετε ὅτι αὕτη ἡ σοφία ὑμῶν καὶ ἡ σύνεσις ἐναντίον πάντων τῶν ἐθνῶν ὅσοι ἐὰν ἀκούσωσιν πάντα τὰ δικαιώματα ταῦτα καὶ ἐροῦσιν ἰδοὺ λαὸς σοφὸς καὶ ἐπιστήμων τὸ ἔθνος τὸ μέγα τοῦτο
- 7 Paske pa gen lòt nasyon, li te mèt gran kou l' gran, ki gen yon Bondye toupri yo, yon Bondye k'ap kanpe la avèk yo, tankou Seyè a, Bondye nou an, fè l' pou nou chak fwa nou rele l'.
For what great nation has a god so near to them as the Lord our God is, whenever we are turned to him in prayer?
ὅτι ποῖον ἔθνος μέγα ᾧ ἐστὶν αὐτῷ θεὸς ἐγγίζων αὐτοῖς ὡς κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἐν πᾶσιν οἷς ἐὰν αὐτὸν ἐπικαλεσώμεθα
- 8 Pa gen lòt nasyon, li te mèt gran kou l' gran, ki gen bon lòd ak bon prensip pou regle tout bagay san patipri tankou lalwa mwen mete devan nou jòdi a.
And what great nation has laws and decisions so right as all this law which I put before you today?
καὶ ποῖον ἔθνος μέγα ᾧ ἐστὶν αὐτῷ δικαιώματα καὶ κρίματα δίκαια κατὰ πάντα τὸν νόμον τοῦτον ὃν ἐγὼ δίδωμι ἐνώπιον ὑμῶν σήμερον
- 9 Tansèlman, veye kò nou! Atansyon pou nou pa janm bliye bagay nou te wè ak pwòp je nou, pou nou pa janm wete yo nan lide nou pandan tout lavi nou. Okontrè, se pou nou moutre pitit nou ak pitit pitit nou yo tout bagay sa yo.
Only take care, and keep watch on your soul, for fear that the things which your eyes have seen go from your memory and from your heart all the days of your life; but let the knowledge of them be given to your children and to your children's children;
πρόσεχε σεαυτῷ καὶ φύλαξον τὴν ψυχὴν σου σφόδρα μὴ ἐπιλάβῃ πάντας τοὺς λόγους οὓς ἐώρακασιν οἱ ὀφθαλμοὶ σου καὶ μὴ ἀποστήτωσαν ἀπὸ τῆς καρδίας σου πάσας τὰς ἡμέρας τῆς ζωῆς σου καὶ σὺ μπιβάσεις τοὺς υἱοὺς σου καὶ τοὺς υἱοὺς τῶν υἱῶν σου
- 10 Pa bliye jou nou te kanpe sou mòn Orèb la, devan Seyè a, Bondye nou an. Lè sa a, li te di mwen: Sanble tout pèp la pou m' ka fè yo tande pawòl mwen gen pou m' di yo, pou yo aprann respekte m' pandan tout lavi yo sou latè, lèfini pou yo moutre pitit yo fè menm bagay la tou.
That day when you were waiting before the Lord your God in Horeb, and the Lord said to me, Make all the people come together, so that hearing my words they may go in fear of me all the days of their life on earth and give this teaching to their children.
ἡμέραν ἣν ἔστητε ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ἐν χωρηβ τῇ ἡμέρᾳ τῆς ἐκκλησίας ὅτε εἶπεν κύριος πρὸς με ἐκκλησίασον πρὸς με τὸν λαόν καὶ ἀκουσάτωσαν τὰ ῥήματά μου ὅπως μάθωσιν φοβεῖσθαι με πάσας τὰς ἡμέρας ὡς αὐτοὶ ζῶσιν ἐπὶ τῆς γῆς καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτῶν διδάξωσιν

- 11 N'a di yo ki jan nou te pwoche bò pye mòn lan. Lè sa a, gwo flannm dife t'ap soti sou mòn lan, yo t'ap moute byen wo nan syèl la.
And you came near, waiting at the foot of the mountain; and flames of fire went up from the mountain to the heart of heaven, with dark clouds, and all was black as night.
καὶ προσήλθετε καὶ ἑστήτε ὑπὸ τὸ ὄρος καὶ τὸ ὄρος ἑκαίετο πυρὶ ἕως τοῦ οὐρανοῦ σκότος γνώφος θύελλα φωνὴ μεγάλη
- 12 Seyè a rete nan mitan dife a li pale ak nou. Se bri bouch li ase nou te tande ap pale.
And the voice of the Lord came to you out of the fire: the sound of his words came to your ears but you saw no form; there was nothing but a voice.
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς ὑμᾶς ἐκ μέσου τοῦ πυρός φωνὴν ῥημάτων ὑμεῖς ἠκούσατε καὶ ὁμοίωμα οὐκ εἶδετε ἀλλ' ἦ φωνήν
- 13 Seyè a te fè nou konnen kontra li te pase ak nou an. Li mande nou pou nou kenbe l'. Li te ekri dis kòmandman yo sou de wòch plat yo, li mande pou nou swiv yo.
And he gave you his agreement with you, the ten rules which you were to keep, which he put in writing on the two stones of the law.
καὶ ἀνήγγειλεν ὑμῖν τὴν διαθήκην αὐτοῦ ἣν ἐνετείλατο ὑμῖν ποιεῖν τὰ δέκα ῥήματα καὶ ἔγραψεν αὐτὰ ἐπὶ δύο πλάκας λιθίνας
- 14 Lè sa a, Seyè a pase m' lòd pou m' moutre nou tout lwa ak tout prensip nou gen pou nou swiv nan peyi kote nou pral antre a, peyi nou pral pran pou nou an.
And the Lord gave me orders at that time to make clear to you these laws and decisions, so that you might do them in the land to which you are going, and which is to be your heritage.
καὶ ἐμοὶ ἐνετείλατο κύριος ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ διδάξαι ὑμᾶς δικαιώματα καὶ κρίσεις ποιεῖν αὐτὰ ὑμᾶς ἐπὶ τῆς γῆς εἰς ἣν ὑμεῖς εἰσπορεύεσθε ἐκεῖ κληρονομεῖν αὐτήν
- 15 Veye kò nou, tande! Se pou byen nou wi! Lè Seyè a te pale ak nou nan mitan dife a, sou mòn Orèb la, nou pa t' wè anyen ki ta sanble ak yon bagay.
So keep watch on yourselves with care; for you saw no form of any sort on the day when the voice of the Lord came to you in Horeb out of the heart of the fire:
καὶ φυλάξεσθε σφόδρα τὰς ψυχὰς ὑμῶν ὅτι οὐκ εἶδετε ὁμοίωμα ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἣ ἐλάλησεν κύριος πρὸς ὑμᾶς ἐν χωρηβ ἐν τῷ ὄρει ἐκ μέσου τοῦ πυρός
- 16 Piga nou fè sa nou pa dwe fè. Piga n' al fè ankenn zidòl pou nou adore, kit li gen fòm gason, osinon fòm fanm,
So that you may not be turned to evil ways and make for yourselves an image in the form of any living thing, male or female,
μὴ ἀνομήσητε καὶ ποιήσητε ὑμῖν ἑαυτοῖς γλυπτὸν ὁμοίωμα πᾶσαν εἰκόνα ὁμοίωμα ἀρσενικοῦ ἢ θηλυκοῦ
- 17 kit li gen fòm zannimo oswa fòm zwazo,
Or any beast of the earth, or winged bird of the air,
ὁμοίωμα παντὸς κτήνου τῶν ὄντων ἐπὶ τῆς γῆς ὁμοίωμα παντὸς ὀρνέου πτερωτοῦ ὃ πέταται ὑπὸ τὸν οὐρανόν
- 18 kit li gen fòm bèt k'ap trennen sou vant yo osinon fòm pwason.
Or of anything which goes flat on the earth, or any fish in the water under the earth.
ὁμοίωμα παντὸς ἐρπετοῦ ὃ ἔρπει ἐπὶ τῆς γῆς ὁμοίωμα παντὸς ἰχθύος ὃσα ἐστὶν ἐν τοῖς ὕδασι ὑποκάτω τῆς γῆς
- 19 Konsa tou, lè nou leve je nou nan syèl la, nou wè solèy la, lalin lan, zetwal yo ak tout lòt bagay ki anwo nan syèl la. Pa kite yo vire tèt nou pou nou fè sèvis pou yo. Pa al mete ajenou devan yo.
Bondye mete yo la pou sèvis tout moun ki sou latè.
And when your eyes are lifted up to heaven, and you see the sun and the moon and the stars, all the army of heaven, do not let yourselves be moved to give them worship, or become the servants of what the Lord has given equally to all peoples under heaven.
καὶ μὴ ἀναβλέψατε εἰς τὸν οὐρανὸν καὶ ἰδὼν τὸν ἥλιον καὶ τὴν σελήνην καὶ τοὺς ἀστέρας καὶ πάντα τὸν κόσμον τοῦ οὐρανοῦ πλανηθεὶς προσκυνήσης αὐτοῖς καὶ λατρεύσης αὐτοῖς ἃ ἀπένευμεν κύριος ὁ θεὸς σου αὐτὰ πᾶσιν τοῖς ἔθνεσιν τοῖς ὑποκάτω τοῦ οὐρανοῦ
- 20 Kanta nou menm, Seyè a te pran nou, li fè nou soti kite peyi Lejip ki te pou nou tankou yon gwo fou dife kote yo fonn fè, epi li fè nou tounen sa nou ye koulè a: yon pèp ki rele l' pa l'.
But the Lord has taken you out of the flaming fire, out of Egypt, to be to him the people of his heritage, as you are today.
ὑμᾶς δὲ ἔλαβεν ὁ θεὸς καὶ ἐξήγαγεν ὑμᾶς ἐκ τῆς καμίνου τῆς σιδηρᾶς ἐξ αἰγύπτου εἶναι αὐτῷ λαὸν ἔγκληρον ὡς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ
- 21 Men, Seyè a, Bondye nou an, te fache sou mwen poutèt nou. Li fè sèman li p'ap kite m' janbe lòt bò larivyè Jouden an, ni li p'ap kite m' mete pwent pye m' nan bon peyi li menm, Seyè a, Bondye nou an, ap fè nou kado a.
And the Lord was angry with me because of you, and made an oath that I was not to go over Jordan into the good land which the Lord is giving you for your heritage:
καὶ κύριος ἐθυμώθη μοι περὶ τῶν λεγομένων ὑφ' ὑμῶν καὶ ὤμοσεν ἵνα μὴ διαβῶ τὸν ἰορδάνην τοῦτον καὶ ἵνα μὴ εἰσέλθω εἰς τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς δίδωσίν σοι ἐν κλήρῳ
- 22 Se konsa, mwen menm, m'ap mouri bò isit la, mwen p'ap janbe lòt bò larivyè Jouden an. Men, nou menm, n'ap janbe lòt bò larivyè a, nou pral pran bon peyi sa a pou nou.
But death is to come to me in this land, I may not go over Jordan: but you will go over and take that good land for your heritage.
ἐγὼ γὰρ ἀποθήσκω ἐν τῇ γῆ ταύτῃ καὶ οὐ διαβαίω τὸν ἰορδάνην τοῦτον ὑμεῖς δὲ διαβαίνετε καὶ κληρονομήσετε τὴν γῆν τὴν ἀγαθὴν ταύτην
- 23 Veye kò nou pou nou pa janm bliye kontra Seyè a, Bondye nou an, te pase ak nou an. Piga nou janm fè ankenn zidòl, ankenn pòtre bagay Seyè a, Bondye nou an, te defann nou fè.
Take care that you do not let the agreement of the Lord your God, which he has made with you, go out of your mind, or make for yourselves images of any sort, against the orders which the Lord your God has given you.
προσεῆχετε ὑμεῖς μὴ ἐπιλάθησθε τὴν διαθήκην κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ἣν διέθετο πρὸς ὑμᾶς καὶ ποιήσητε ὑμῖν ἑαυτοῖς γλυπτὸν ὁμοίωμα πάντων ὧν συνέταξεν κύριος ὁ θεὸς σου

- 24 Paske Seyè a, Bondye nou an, se yon Bondye ki fè jalouzi anpil, li tankou yon dife k'ap boule tout bagay kote l' pase.
For the Lord your God is an all-burning fire, and he will not let the honour which is his be given to any other.
 ὅτι κύριος ὁ θεός σου πῦρ καταναλίσκων ἐστὶν θεός ζηλωτής
- 25 Lè n'a gen pitit ak pitit pitit, lè n'a fin vye granmoun nan peyi a, piga nou fè sa nou pa t' dwe fè. Piga nou fè estati osinon pòtre ankenn bagay pou nou fè sèvis pou yo. Piga nou fè sa ki mal nan je Seyè a, Bondye nou an, pou nou fè l' fache.
If, when you have had children and children's children, and have been living a long time in the land, you are turned to evil ways, and make an image of any sort, and do evil in the eyes of the Lord your God, moving him to wrath:
 ἐὰν δὲ γεννήσῃς υἱοὺς καὶ υἱοὺς τῶν υἱῶν σου καὶ χρονίσῃτε ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἀνομήσῃτε καὶ ποιήσῃτε γλυπτὸν ὁμοίωμα παντὸς καὶ ποιήσῃτε τὰ πονηρὰ ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν παροργίσει αὐτόν
- 26 Si nou fè bagay konsa, men m'ap pran syèl la ak latè a pou temwen pou yo tande sa m'ap di nou jòdi a: N'ap rete konsa, n'ap disparèt nan peyi nou pral pran pou nou lòt bò larivyè Jouden an. Nou p'ap rete lontan nan peyi a, paske nou tout pral disparèt nèt.
May heaven and earth be my witnesses against you today, that destruction will quickly overtake you, cutting you off from that land which you are going over Jordan to take; your days will not be long in that land, but you will come to a complete end.
 διαμαρτύρομαι ὑμῖν σήμερον τὸν τε οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν ὅτι ἀπολείψω ἀπολείσθε ἀπὸ τῆς γῆς εἰς ἣν ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην ἐκεῖ κληρονομήσει αὐτὴν οὐχὶ πολυχρονεῖτε ἡμέρας ἐπ' αὐτῆς ἀλλ' ἢ ἐκτριβῆ ἑκτριβήσεσθε
- 27 Seyè a pral gaye nou toupatou nan mitan lòt nasyon yo. Se yon ti ponyen moun ase nan nou ki p'ap mouri nan peyi kote Seyè a pral mennen nou an.
And the Lord will send you wandering among the peoples; only a small band of you will be kept from death among the nations where the Lord will send you.
 καὶ διασπερεῖ κύριος ὑμᾶς ἐν πᾶσιν τοῖς ἔθνεσιν καὶ καταλειφθήσεσθε ὀλίγοι ἀριθμῶ ἐν τοῖς ἔθνεσιν εἰς οὓς εἰσάξει κύριος ὑμᾶς ἐκεῖ
- 28 Lè n'a rive nan peyi sa yo, nou pral fè sèvis pou bondye moun fè ak men yo, pou zidòl fèt an bwa, osinon an wòch, zidòl ki pa ka wè, ki pa ka tande, ki pa ka manje, ki pa ka pran sant anyen.
There you will be the servants of gods, made by men's hands, of wood and stone, having no power of seeing or hearing or taking food or smelling.
 καὶ λατρεύσετε ἐκεῖ θεοῖς ἐτέροις ἔργοις χειρῶν ἀνθρώπων ξύλοις καὶ λίθοις οἳ οὐκ ὄψονται οὐδὲ μὴ ἀκούσωσιν οὔτε μὴ φάγωσιν οὔτε μὴ ὀσφρανθῶσιν
- 29 Men, lè sa a, n'a pran chache Seyè a, Bondye nou an. Si nou chache l' ak tout kè nou, n'a jwenn li.
But if in those lands you are turned again to the Lord your God, searching for him with all your heart and soul, he will not keep himself from you.
 καὶ ζητήσετε ἐκεῖ κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν καὶ εὐρήσετε ὅταν ἐκζητήσῃτε αὐτὸν ἐξ ὅλης τῆς καρδίας σου καὶ ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς σου ἐν τῇ θλίψει σου
- 30 Men, lè n'a gen kè sere, lè tout bagay sa yo va rive nou vre, bout pou bout yon jou n'a tounen nan pye Seyè a, Bondye nou an. N'a koute tou sa l' t'ap di nou an.
When you are in trouble and all these things have come on you, if, in the future, you are turned again to the Lord your God, and give ear to his voice:
 καὶ εὐρήσουσιν σε πάντες οἱ λόγοι οὗτοι ἐπ' ἐσχάτῳ τῶν ἡμερῶν καὶ ἐπιστραφήσῃ πρὸς κύριον τὸν θεὸν σου καὶ εἰσακούσῃ τῆς φωνῆς αὐτοῦ
- 31 Paske Seyè a, Bondye nou an, se yon Bondye ki gen bon kè, li p'ap lage nou, ni li p'ap detwi nou. Li p'ap janm bliye kontra li menm li te pase ak zansèt nou yo, kontra li te fè sèman l'ap toujou kenbe a.
Because the Lord your God is a God of mercy, he will not take away his help from you or let destruction overtake you, or be false to the agreement which he made by an oath with your fathers.
 ὅτι θεὸς οἰκτίρμων κύριος ὁ θεός σου οὐκ ἐγκαταλείψει σε οὐδὲ μὴ ἐκτρίψει σε οὐκ ἐπιλήσεται τὴν διαθήκην τῶν πατέρων σου ἣν ὤμοσεν αὐτοῖς
- 32 Chache konnen sa ki te pase nan tan lontan, nan tan ki te la anvan nou te fèt, depi lè Bondye te mete moun sou latè. Ale toupatou sou latè, mande si yon gwo bagay konsa te janm rive. Eske yo janm tande yon gwo koze tankou koze sa a?
Give thought now to the days which are past, before your time, from the day when God first gave life to man on the earth, and searching from one end of heaven to the other, see if such a great thing as this has ever been, or if anything like it has been talked of in story.
 ἐπερωτήσατε ἡμέρας προτέρας τὰς γενομένας προτέρας σου ἀπὸ τῆς ἡμέρας ἧς ἔκτισεν ὁ θεὸς ἄνθρωπον ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ οὐρανοῦ ἕως ἄκρου τοῦ οὐρανοῦ εἰ γέγονεν κατὰ τὸ ῥῆμα τοῦ μέγα τοῦτο εἰ ἤκουσται τοιοῦτο
- 33 Eske janm gen yon pèp ki te tande Bondye rete nan mitan dife pou pale ak yo, jan nou menm nou te tande l' la, epi ki pa mouri apre sa?
Has any people ever gone on living after hearing the voice of God out of the heart of the fire as you did?
 εἰ ἀκήκοεν ἔθνος φωνὴν θεοῦ ζῶντος λαλοῦντος ἐκ μέσου τοῦ πυρός ὃν τρόπον ἀκήκοας σὺ καὶ ἔζησας
- 34 Eske te janm gen yon bondye ki te penmèt li al chache yon pèp nan mitan yon lòt pèp pou fè li tounen pèp pa li, yon bondye ki te janm fè tout mirak ak tout bèl bagay sa yo, yon bondye ki te janm goumen tout goumen sa yo ak fòs ponyèt li, ak gwo kouraj li epi ki te fè anpil bagay pou fè moun tranble jan Seyè a, Bondye nou an, te fè l' pou nou devan je nou nan peyi Lejip la?
Has God ever before taken a nation for himself from out of another nation, by punishments and signs and wonders, by war and by a strong hand and a stretched-out arm and great acts of wonder and fear, as the Lord your God did for you in Egypt, before your very eyes?
 εἰ ἐπειρασεν ὁ θεός εἰσελθὼν λαβεῖν ἑαυτῷ ἔθνος ἐκ μέσου ἔθνους ἐν πειρασμῷ καὶ ἐν σημείοις καὶ ἐν τέρασιν καὶ ἐν πολέμῳ καὶ ἐν χειρὶ κραταιᾷ καὶ ἐν βραχίονι ὑψηλῷ καὶ ἐν ὀράμασιν μεγάλαις κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησεν κύριος ὁ θεός ὑμῶν ἐν αἰγύπτῳ ἐνώπιόν σου βλέποντος

- 35 Se nou menm sèl Seyè a te fè wè tou sa pou nou te ka konnen se Seyè a ki sèl Bondye tout bon an, pa gen lòt ankò.
All this he let you see, so that you might be certain that the Lord is God and there is no other.
 ὥστε εἰδῆσαι σε ὅτι κύριος ὁ θεός σου οὗτος θεός ἐστίν καὶ οὐκ ἔστιν ἕτι πλὴν αὐτοῦ
- 36 Li rete nan syèl la, li fè nou tande vwa l' pou l' te ka moutre nou anpil bagay. Sou latè menm, li fè nou wè yon gwo dife, epi li rete nan mitan dife a, li pale ak nou.
Out of heaven itself his voice came to you, teaching you; and on earth he let you see his great fire; and his words came to your ears out of the heart of the fire.
 ἐκ τοῦ οὐρανοῦ ἀκουσθὴ ἐγένετο ἡ φωνὴ αὐτοῦ παιδεύσαι σε καὶ ἐπὶ τῆς γῆς ἔδειξεν σοὶ τὸ πῦρ αὐτοῦ τὸ μέγα καὶ τὰ ῥήματα αὐτοῦ ἤκουσας ἐκ μέσου τοῦ πυρός
- 37 Li te renmen zansèt nou yo, li te chwazi pitit pitit yo apre yo, kifè li te fè yo santi li la ak yo, li fè yo wè gwo pouvwa li, li fè yo soti kite peyi Lejip.
And because of his love for your fathers, he took their seed and made it his, and he himself, present among you, took you out of Egypt by his great power;
 διὰ τὸ ἀγαπήσαι αὐτὸν τοὺς πατέρας σου καὶ ἐξελέξατο τὸ σπέρμα αὐτῶν μετ' αὐτοὺς ὑμᾶς καὶ ἐξήγαγέ σε αὐτὸς ἐν τῇ ἰσχύι αὐτοῦ τῇ μεγάλῃ ἐξ αἰγύπτου
- 38 Lèfini, li fè yon bann nasyon ki pi gran, ki pi fò pase nou kouri mete deyò pou fè plas ban nou. Li fè nou antre nan peyi yo. Li ban nou yo pou yo rele nou pa nou, jan sa ye jouk jòdi a.
Driving out before you nations greater and stronger than you, to take you into their land and give it to you for your heritage, as at this day.
 ἐξολεθρεύσαι ἔθνη μεγάλα καὶ ἰσχυρότερα σου πρὸ προσώπου σου εἰσαγαγεῖν σε δοῦναι σοὶ τὴν γῆν αὐτῶν κληρονομεῖν καθὼς ἔχεις σήμερον
- 39 Bon. Koulye a, konprann sa byen. Pa janm bliye se Seyè a ki Bondye anwo nan syèl la ak isit la sou latè. Wi, se li menm, pa gen lòt.
So today be certain, and keep the knowledge deep in your hearts, that the Lord is God, in heaven on high and here on earth; there is no other God.
 καὶ γνώση σήμερον καὶ ἐπιστραφήσῃ τῇ διανοίᾳ ὅτι κύριος ὁ θεός σου οὗτος θεὸς ἐν τῷ οὐρανῷ ἄνω καὶ ἐπὶ τῆς γῆς κάτω καὶ οὐκ ἔστιν ἕτι πλὴν αὐτοῦ
- 40 Se pou nou swiv tout lòd ak tout kòmandman mwen ban nou jòdi a. Konsa, ni nou menm, ni tout pitit nou yo apre nou, n'a viv lontan ak kè kontan nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou pou rele nou pa nou pou tout tan.
Then keep his laws and his orders which I give you today, so that it may be well for you and for your children after you, and that your lives may be long in the land which the Lord your God is giving you for ever.
 καὶ φυλάξῃ τὰ δικαιώματα αὐτοῦ καὶ τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον ἵνα εὖ σοὶ γένηται καὶ τοῖς υἱοῖς σου μετὰ σέ ὅπως μακροήμεροι γένησθε ἐπὶ τῆς γῆς ἧς κύριος ὁ θεός σου δίδωσίν σοι πάσας τὰς ἡμέρας
- 41 ¶ Apre sa, Moyiz chwazi twa lavil lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve,
Then Moses had three towns marked out on the far side of Jordan looking to the east;
 τότε ἀφώρισεν μουσῆς τρεῖς πόλεις πέραν τοῦ ἰορδάνου ἀπὸ ἀνατολῶν ἡλίου
- 42 lavil kote moun gen dwa kouri al kache si li ta touye yon moun pèp Izrayèl parèy li san li pa fè espere, san li pa janm gen anyen avè l'. Li gen dwa al kache kò l' nan yonn nan lavil sa yo pou yo pa touye l'.
To which anyone causing the death of his neighbour in error and not through hate, might go in flight; so that in one of these towns he might be kept from death:
 φυγεῖν ἐκεῖ τὸν φονευτὴν ὃς ἂν φονεύσῃ τὸν πλησίον οὐκ εἰδὼς καὶ οὗτος οὐ μισὼν αὐτὸν πρὸ τῆς ἐχθρῆς καὶ τρίτης καὶ καταφεύζεται εἰς μίαν τῶν πόλεων τούτων καὶ ζήσεται
- 43 Pou moun branch fanmi Woubenn yo, se te lavil Bezè nan dezè ki anwo sou platon an. Pou moun branch fanmi Gad yo, se te lavil Ramòt nan zòn Galarad la. Pou moun fanmi Manase yo, se te lavil Golan nan peyi Bazan.
The names of the towns were Bezer in the waste land, in the table-land, for the Reubenites; and Ramoth in Gilead for the Gadites; and Golan in Bashan for Manasseh.
 τὴν βοσσορ ἐν τῇ ἐρήμῳ ἐν τῇ γῆ τῇ πεδινῇ τῷ ρουβην καὶ τὴν ραμωθ ἐν γαλααδ τῷ γαδδι καὶ τὴν γαυλων ἐν βασαν τῷ μανασση
- 44 Men lalwa Moyiz te mete devan moun pèp Izrayèl yo.
This is the law which Moses put before the children of Israel:
 οὗτος ὁ νόμος ὃν παρέθετο μουσῆς ἐνώπιον υἱῶν ἰσραηλ
- 45 Men kòmandman, lòd ak prensip Moyiz te ba yo apre yo te fin soti kite peyi Lejip.
These are the rules and the laws and the decisions which Moses gave to the children of Israel after they came out of Egypt;
 ταῦτα τὰ μαρτύρια καὶ τὰ δικαιώματα καὶ τὰ κρίματα ὅσα ἐλάλησεν μουσῆς τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ἐν τῇ ἐρήμῳ ἐξεληθόντων αὐτῶν ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 46 Lè sa a, yo te deja rive lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve, nan fon ki anfas Bètpreyò a, nan peyi wa Siyon an. Siyon sa a te wa peyi Amori a, li te rete lavil Esbon. Men, Moyiz ak moun pèp Izrayèl yo te bat li apre yo te fin soti kite peyi Lejip la.
On the far side of Jordan, in the valley facing Beth-peor, in the land of Sihon, king of the Amorites, who was ruling in Heshbon, whom Moses and the children of Israel overcame after they had come out of Egypt:
 ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν φάραγγι ἐγγυὸς οἴκου φογορ ἐν γῆ σηων βασιλείως τῶν αμορραίων ὃς κατόκει ἐν εσεβων οὓς ἐπάταξεν μουσῆς καὶ οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἐξεληθόντων αὐτῶν ἐκ γῆς αἰγύπτου

- 47 Yo pran peyi a nan men l'. Yo fè menm bagay la tou nan peyi Bazan, kote wa Og t'ap gouvènen an. De wa peyi Amori sa yo t'ap viv lòt bò larivyè Jouden, sou bò solèy leve.
And they took his land for a heritage, and the land of Og, king of Bashan, the two kings of the Amorites, whose lands were on the other side of Jordan to the east;
καὶ ἐκλήρονόμησαν τὴν γῆν αὐτοῦ καὶ τὴν γῆν ὡγ βασιλείως τῆς βασαν δύο βασιλείων τῶν αμορραίων οἳ ἦσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου κατ' ἀνατολὰς ἡλίου
- 48 Peyi yo te pran an te konmanse depi lavil Awoyè ki sou tèt falèz toupre larivyè Anon an, li rive jouk mòn Siryon. Yo rele mòn sa a mòn Emon tou.
From Aroer on the edge of the valley of the Arnon as far as Mount Sion, which is Hermon,
ἀπὸ ἀροηρ ἣ ἐστὶν ἐπὶ τοῦ χειλούς χειμάρρου ἀρῶν καὶ ἐπὶ τοῦ ὄρους τοῦ σίων ὃ ἐστὶν αερμων
- 49 Yo te pran tou tout zòn Araba a, ki sou bò solèy leve larivyè Jouden an, rive lannè Mouri a nan pye mòn Pisga.
And all the Arabah on the far side of Jordan to the east, as far as the sea of the Arabah under the slopes of Pisgah.
πᾶσαν τὴν ἀραβα πέραν τοῦ ἰορδάνου κατ' ἀνατολὰς ἡλίου ὑπὸ ἀσηδωθ τὴν λαξευτήν
- 1 ¶ Moyiz fè tout pèp Izrayèl la sanble, epi li di yo: -Nou menm pèp Izrayèl, koute lòd ak kòmandman m'ap fè nou tande jòdi a. Aprann yo byen. Pa janm bliye yo pou nou ka toujou fè tou sa yo mande nou fè.
And Moses sent for all Israel, and said to them, Give ear, O Israel, to the laws and the decisions which I give you today, and give attention to them so that you may keep and do them.
καὶ ἐκάλεσεν μουσῆς πάντα ἰσραηλ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς ἄκουε ἰσραηλ τὰ δικαιώματα καὶ τὰ κρίματα ὅσα ἐγὼ λαλῶ ἐν τοῖς ὤσιν ὑμῶν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ καὶ μαθήσεσθε αὐτὰ καὶ φυλάξεσθε ποιῆσαι αὐτά
- 2 Seyè a, Bondye nou an, te siyen yon kontra ak nou sou Mòn Orèb la.
The Lord our God made an agreement with us in Horeb.
κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν διέθετο πρὸς ὑμᾶς διαθήκην ἐν χωρηβ
- 3 Se pa t' avèk zansèt nou yo sèlman Seyè a te pase kontra a, men avèk nou menm tou, nou tout k'ap viv isit la jòdi a.
The Lord did not make this agreement with our fathers but with us, who are all living and present here today.
οὐχὶ τοῖς πατράσιν ὑμῶν διέθετο κύριος τὴν διαθήκην ταύτην ἀλλ' ἢ πρὸς ὑμᾶς ὑμεῖς ὄδε πάντες ζῶντες σήμερον
- 4 Bondye te rete sou mòn lan, nan mitan dife a. Li te pale ak nou fas pou fas.
The word of the Lord came to you face to face on the mountain, out of the heart of the fire,
πρόσωπον κατὰ πρόσωπον ἐλάλησεν κύριος πρὸς ὑμᾶς ἐν τῷ ὄρει ἐκ μέσου τοῦ πυρός
- 5 Lè sa a, mwen menm mwen te kanpe nan mitan, Seyè a yon bò, nou menm yon bò, pou m' te rapòte nou tout pawòl Seyè a te di, paske nou te pè dife a, nou pa t' vle moute sou mòn lan. Men sa Seyè a te di:
(I was between the Lord and you at that time, to make clear to you the word of the Lord: because, through fear of the fire, you did not go up the mountain;) saying,
κάγῳ εἰστήκειν ἀνὰ μέσον κυρίου καὶ ὑμῶν ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ ἀναγγεῖλαι ὑμῖν τὰ ῥήματα κυρίου ὅτι ἐφοβήθητε ἀπὸ προσώπου τοῦ πυρός καὶ οὐκ ἀνέβητε εἰς τὸ ὄρος λέγων
- 6 ¶ Se mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te esklav la.
I am the Lord your God, who took you out of the land of Egypt, out of the prison-house.
ἐγὼ κύριος ὁ θεός σου ὁ ἐξαγαγὼν σε ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐξ οἴκου δουλείας
- 7 Piga nou sèvi lòt bondye pase mwen menm sèlman.
You are to have no other gods but me.
οὐκ ἔσονται σοι θεοὶ ἕτεροι πρὸ προσώπου μου
- 8 Piga nou janm fè ankenn estati ni ankenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a.
You may not make for yourselves an image in the form of anything in heaven or on earth or in the waters under the earth:
οὐ ποιήσεις σεαυτῷ εἰδωλον οὐδὲ παντὸς ὁμοίωμα ὅσα ἐν τῷ οὐρανῷ ἄνω καὶ ὅσα ἐν τῇ γῇ κάτω καὶ ὅσα ἐν τοῖς ὕδασιν ὑποκάτω τῆς γῆς
- 9 Piga nou adore yo, ni piga nou sèvi yo. Paske, mwen menm Seyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi anpil. Lè yon moun rayi m', mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa.
You may not go down on your faces before them or give them worship: for I, the Lord your God, am a God who will not give his honour to another; and I will send punishment on the children for the wrongdoing of their fathers, to the third and fourth generation of my haters;
οὐ προσκυνήσεις αὐτοῖς οὐδὲ μὴ λατρεύσεις αὐτοῖς ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεός σου θεὸς ζηλωτῆς ἀποδιδοὺς ἀμαρτίας πατέρων ἐπὶ τέκνα ἐπὶ τρίτην καὶ τετάρτην γενεὰν τοῖς μισοῦσίν με
- 10 Men, lè yon moun renmen m', lè li fè sa m' mande l' fè, m'ap moutre l' jan moun renmen l' tou ansanm ak tout pitit pitit li yo pandan mil jenerasyon.
And I will have mercy through a thousand generations on those who have love for me and keep my laws.
καὶ ποιῶν ἔλεος εἰς χιλιάδας τοῖς ἀγαπῶσίν με καὶ τοῖς φυλάσσουσιν τὰ προστάγματά μου

- 11 Piga nou janm nonmen non Seyè a, Bondye nou an, an jwèt osinon pou bay manti, paske mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, mwen p'ap manke pini moun ki nonmen non m' pou gremesi. You are not to make use of the name of the Lord your God for an evil purpose; whoever takes the Lord's name on his lips for an evil purpose will be judged as a sinner by the Lord.
οὐ λήμψη τὸ ὄνομα κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἐπὶ ματαίῳ οὐ γὰρ μὴ καθάριση κύριος τὸν λαμβάνοντα τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐπὶ ματαίῳ
- 12 Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa pou Bondye, jan mwen menm Seyè a, Bondye nou an, te ban nou lòd fè l' la. Keep the Sabbath day as a holy day, as you have been ordered by the Lord your God.
φύλαξαι τὴν ἡμέραν τῶν σαββάτων ἀγιάζειν αὐτήν ὃν τρόπον ἐνετείλατό σοι κύριος ὁ θεός σου
- 13 N'a travay sis jou. Lè sa a, n'a fè tou sa nou gen pou nou fè. On six days do all your work:
ἕξ ἡμέρας ἐργᾶ καὶ ποιήσεις πάντα τὰ ἔργα σου
- 14 Men, setyèm jou a, se jou repo Seyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn travay, ni nou menm, ni pitit gason nou, ni pitit fi nou, ni fanm ni gason k'ap travay lakay nou, ni bèf nou, ni bourik nou, ni ankenn nan lòt bèt nou genyen, ni moun lòt nasyon ki rete lakay nou. Konsa, ni fanm ni gason k'ap travay lakay nou ka pran repo menm jan ak nou. But the seventh day is a Sabbath to the Lord your God; on that day do no work, you or your son or your daughter, or your man-servant or your woman-servant, or your ox or your ass or any of your cattle, or the man from a strange country who is living among you; so that your man-servant and your woman-servant may have rest as well as you.
τῇ δὲ ἡμέρᾳ τῇ ἐβδόμῃ σάββατα κυρίῳ τῷ θεῷ σου οὐ ποιήσεις ἐν αὐτῇ πᾶν ἔργον σὺ καὶ οἱ υἱοὶ σου καὶ ἡ θυγάτηρ σου ὁ παῖς σου καὶ ἡ παιδίσκη σου ὁ βοῦς σου καὶ τὸ ὑποζύγιόν σου καὶ πᾶν κτήνός σου καὶ ὁ προσήλυτος ὁ παροικῶν ἐν σοὶ ἵνα ἀναπαύσῃται ὁ παῖς σου καὶ ἡ παιδίσκη σου ὡσπερ καὶ σὺ
- 15 N'a toujou chonje se esklav nou te ye nan peyi Lejip la. E se mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, ki te vin delivre nou ak fòs ponyèt mwen, ak gwo kouraj mwen. Se poutèt sa, Seyè a, Bondye nou an, te pase nou lòd pou nou pa bliye jou repo a. And keep in mind that you were a servant in the land of Egypt, and that the Lord your God took you out of that land by his strong hand and his stretched-out arm: for this reason the Lord has given you orders to keep the Sabbath day.
καὶ μνησθήσῃ ὅτι οἰκέτης ἦσθα ἐν γῆ αἰγύπτῳ καὶ ἐξήγαγέν σε κύριος ὁ θεός σου ἐκεῖθεν ἐν χειρὶ κραταιᾷ καὶ ἐν βραχίονι ὑψηλῷ διὰ τοῦτο συνέταξέν σοι κύριος ὁ θεός σου ὥστε φυλάσσεσθαι τὴν ἡμέραν τῶν σαββάτων καὶ ἀγιάζειν αὐτήν
And I took your sin, the image which you had made, and put it in the fire and had it hammered and crushed very small till it was only dust: and the dust I put in the stream flowing down from the mountain.
καὶ τὴν ἁμαρτίαν ὑμῶν ἣν ἐποιήσατε τὸν μόσχον ἔλαβον αὐτόν καὶ κατέκαυσα αὐτόν ἐν πυρὶ καὶ συνέκοψα αὐτόν καταλέσας σφοδρὰ ἕως οὗ ἐγένετο λεπτὸν καὶ ἐγενήθη ὥσει κονιορτός καὶ ἔρριψα τὸ ν κονιορτὸν εἰς τὸν χειμάρρου τὸν καταβαίοντα ἐκ τοῦ ὄρους
- 22 Nou te eksite kòlè Seyè a tou lè nou te Tabera, lè nou te Masa ak lè nou te Simityè Grangou.
Again at Taberah and at Massah and at Kibroth-hattaavah you made the Lord angry.
καὶ ἐν τῷ ἐμπυρισμῷ καὶ ἐν τῷ πειρασμῷ καὶ ἐν τοῖς μνήμασιν τῆς ἐπιθυμίας παροξύνοντες ἦτε κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν
- 23 Le Seyè a te ban nou lòd pati kite Kadès-Banea pou n' al pran pou nou peyi li te di l'ap ban nou an, nou t'ap fè wòklò ak Seyè a, Bondye nou an. Nou pa t' kwè nan li, nou te derefizè tande l'.
And when the Lord sent you from Kadesh-barnea, saying, Go up and take the land which I have given you; you went against the orders of the Lord your God, and had no faith in him, and would not give ear to his voice.
καὶ ὅτε ἐξαπέστειλεν κύριος ὑμᾶς ἐκ καθὺς βαρνη λέγων ἀνάβητε καὶ κληρονομήσατε τὴν γῆν ἣν δίδωμι ὑμῖν καὶ ἠπειθήσατε τῷ ῥήματι κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν καὶ οὐκ ἐπιστεύσατε αὐτῷ καὶ οὐκ εἰς ἠκούσατε τῆς φωνῆς αὐτοῦ
- 24 Depi mwen konnen nou, se wòklò n'ap plede fè ak Bondye!
From the day when I first had knowledge of you, you have gone against the word of the Lord.
ἀπειθοῦντες ἦτε τὰ πρὸς κύριον ἀπὸ τῆς ἡμέρας ἧς ἐγνώσθη ὑμῖν
- 25 Se konsa mwen lage kò m' fas atè devan Seyè a, pandan karant jou ak karant nwit, paske Seyè a te di l'ap disparèt nou.
So I went down on my face in prayer before the Lord for forty days and forty nights as I did at first; because the Lord had said that he would put an end to you.
καὶ ἐδεήθην ἐναντίον κυρίου τεσσαράκοντα ἡμέρας καὶ τεσσαράκοντα νύκτας ὅσας ἐδεήθην εἶπεν γὰρ κύριος ἐξολεθρεῦσαι ὑμᾶς

- 26 mwen te lapriyè Seyè a pou nou, mwen di l' konsa: O Seyè, Bondye mwen, tanpri! Pa detwi pèp ou a, pèp ki rele ou pa ou la, pèp ou te delivre ak pouvwa ou la, pèp ou te fè soti kite peyi Lejip ak fòs ponyèt ou a.
And I made prayer to the Lord and said, O Lord God, do not send destruction on your people and your heritage, to whom, by your great power, you have given salvation, whom you have taken out of Egypt by the strength of your hand.
 και εὐξάμην πρὸς τὸν θεὸν καὶ εἶπα κύριε βασιλεὺ τῶν θεῶν μὴ ἐξολεθρεύσῃς τὸν λαόν σου καὶ τὴν μερίδα σου ἣν ἐλυτρώσω ἐν τῇ ἰσχύϊ σου τῇ μεγάλῃ οὗς ἐξήγαγες ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐν τῇ ἰσχύϊ σου τῇ μεγάλῃ καὶ ἐν τῇ χειρὶ σου τῇ κραταιᾷ καὶ ἐν τῷ βραχίονί σου τῷ ὑψηλῷ
- 27 Chonje sèvitè ou yo, Abraram, Izarak ak Jakòb! Pa gade sou tèt di pèp la, ni sou mechanste ak sou peche l'ap fè.
Keep in mind your servants, Abraham, Isaac, and Jacob, not looking at the hard heart of this people, or their evil-doing and their sin:
 μνήσθητι αβρααμ καὶ ισαακ καὶ ιακωβ τῶν θεραπόντων σου οἷς ὤμοσας κατὰ σεαυτοῦ μὴ ἐπιβλέψῃς ἐπὶ τὴν σκληρότητα τοῦ λαοῦ τούτου καὶ τὰ ἀσεβήματα καὶ τὰ ἁμαρτήματα αὐτῶν
- 28 Mwen pa ta vle pou nan peyi kote ou fè nou sot a moun yo ta di: Wi, Seyè a pa t' ka mennen yo nan peyi li te pwomèt l'ap ba yo a. Se rayi li rayi yo kifè li fè yo sot kite peyi Lejip la pou l' touye yo nan dezè a.
Or it may be said in the land from which you have taken them, Because the Lord was not able to take them into the land which he said he would give them, and because of his hate for them, he has taken them out to put them to death in the waste land.
 μὴ εἰπῶσιν οἱ κατοικοῦντες τὴν γῆν ὅθεν ἐξήγαγες ἡμᾶς ἐκεῖθεν λέγοντες παρὰ τὸ μὴ δύνασθαι κύριον εἰσαγαγεῖν αὐτοὺς εἰς τὴν γῆν ἣν εἶπεν αὐτοῖς καὶ παρὰ τὸ μισῆσαι αὐτοὺς ἐξήγαγεν αὐτοὺς ἀποκτεῖναι ἐν τῇ ἐρήμῳ
- 29 Men, se pèp ou yo ye! Yo rele ou pa ou! Se avèk gwo pouvwa ou, avèk fòs ponyèt ou ou te fè yo sot kite peyi Lejip.
But still they are your people and your heritage, whom you took out by your great power and by your stretched-out arm.
 καὶ οὗτοι λαὸς σου καὶ κληρὸς σου οὗς ἐξήγαγες ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐν τῇ ἰσχύϊ σου τῇ μεγάλῃ καὶ ἐν τῷ βραχίονί σου τῷ ὑψηλῷ
- 1 ¶ Apre sa, Seyè a te di m': Taye de wòch plat tankou de premye yo. Fè yon bwat an bwa, mete yo ladan l'. Moute vin jwenn mwen sou mòn lan.
At that time the Lord said to me, Make two other stones, cut like the first two, and come up to me on the mountain, and make an ark of wood.
 ἐν ἐκείνῳ τῷ καιρῷ εἶπεν κύριος πρὸς με λάξευσον σεαυτῷ δύο πλάκας λιθίνας ὡσπερ τὰς πρώτας καὶ ἀνάβηθι πρὸς με εἰς τὸ ὄρος καὶ ποιήσεις σεαυτῷ κιβωτὸν ξυλίνην
- 2 Mwen pral ekri sou wòch yo tou sa mwen te ekri sou wòch plat ou te kraze yo. Lèfini, w'a mete yo nan bwat la.
And I will put on the stones the words which were on the first stones which were broken by you, and you are to put them into the ark.
 καὶ γράψω ἐπὶ τὰς πλάκας τὰ ῥήματα ἃ ἦν ἐν ταῖς πλαστῖν ταῖς πρώταις ἃς συνέτριψας καὶ ἐμβαλεῖς αὐτὰς εἰς τὴν κιβωτόν
- 3 Se konsa, mwen fè yon bwat an bwa zakasya, mwen taye de wòch plat tankou de premye yo, epi mwen moute sou mòn lan ak wòch yo nan men m'.
So I made an ark of hard wood, and had two stones cut like the others, and went up the mountain with the stones in my hands.
 καὶ ἐποίησα κιβωτὸν ἐκ ξύλων ἀσήτητων καὶ ἐλάξευσα τὰς δύο πλάκας τὰς λιθίνας ὡς αἱ πρώται καὶ ἀνέβην εἰς τὸ ὄρος καὶ αἱ δύο πλάκες ἐπὶ ταῖς χερσίν μου
- 4 Seyè a make sou wòch yo dis pawòl li te ekri premye fwa a, dis kòmandman Seyè a te ban nou antan li te nan mitan dife a, jou nou tout nou te reyini nan pye mòn lan. Apre sa li ban mwen yo.
And he put on the stones, as in the first writing, the ten rules which the Lord gave you on the mountain out of the fire on the day of the great meeting; and the Lord gave the stones to me.
 καὶ ἔγραψεν ἐπὶ τὰς πλάκας κατὰ τὴν γραφὴν τὴν πρώτην τοὺς δέκα λόγους οὗς ἐλάλησεν κύριος πρὸς ὑμᾶς ἐν τῷ ὄρει ἐκ μέσου τοῦ πυρός καὶ ἔδωκεν αὐτὰς κύριος ἔμοι
- 5 Mwen desann sot nan mòn lan. Mwen mete wòch plat yo nan bwat mwen te fè a, jan Seyè a te ban mwen lòd la, epi se la yo rete depi lè sa a.
And turning round I came down from the mountain and put the stones in the ark which I had made; and there they are as the Lord gave me orders.
 καὶ ἐπιστρέψας κατέβην ἐκ τοῦ ὄρους καὶ ἐνέβαλον τὰς πλάκας εἰς τὴν κιβωτόν ἣν ἐποίησα καὶ ἦσαν ἐκεῖ καθὰ ἐνετείλατό μοι κύριος
- 6 Moun pèp Izrayèl yo kite pi Benèy-Jakan yo, yo pati pou Mosera. Se la Arawon te mouri. Se la tou yo antere l'. Se Eleaza, pitit li a, yo te mete prèt nan plas li.
(And the children of Israel went on from Beeroth Bene-jaakan to Moserah: there death came to Aaron and he was put to rest in the earth; and Eleazar, his son, took his place as priest.
 καὶ οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἀπῆραν ἐκ βηρωθ υἰὼν ιακὼμ μισαδαὶ ἐκεῖ ἀπέθανεν ααρὼν καὶ ἐτάφη ἐκεῖ καὶ ἱεράτευσεν ελεαζαρ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 7 Yo kite kote yo te ye a, yo pati pou Goud Goda, epi yo rive Jobata, yon kote ki te gen anpil dlo.
From there they went on to Gudgodah, and from Gudgodah to Jotbathah, a land of streams of water.
 ἐκεῖθεν ἀπῆραν εἰς γαδγαδ καὶ ἀπὸ γαδγαδ εἰς ετεβαθα γῆ χεῖμαρροι ὑδάτων
- 8 Se lè sa a Seyè a te mete moun branch fanmi Levi yo apa pou yo reskonsab pote Bwat Kontra Seyè a, pou yo ka kanpe devan l' fè sèvis pou li, pou yo ka beni pèp la nan non l', jan y'ap fè l' jouk koulye a.
At that time the Lord had the tribe of Levi marked out to take up the ark of the Lord's agreement, to be before the Lord and to do his work and to give blessings in his name, to this day.
 ἐν ἐκείνῳ τῷ καιρῷ διεστείλεν κύριος τὴν φυλὴν τὴν λευὶ αἶρειν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου παρεστάναι ἔναντι κυρίου λειτουργεῖν καὶ ἐπευχέσθαι ἐπὶ τῷ ὀνόματι αὐτοῦ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης

- 9 Se poutèt sa, moun branch fanmi Levi yo pa t' resevwa ankenn pòsyon tè pou rele yo pa yo menm jan ak moun lòt branch fanmi yo paske se Seyè a ki tout byen yo, jan Seyè a, Bondye nou an, te di l' la.
For this reason Levi has no part or heritage for himself among his brothers: the Lord is his heritage, as the Lord your God said to him.)
διὰ τοῦτο οὐκ ἔστιν τοῖς λευίταις μερίς καὶ κληρος ἐν τοῖς ἀδελφοῖς αὐτῶν κύριος αὐτὸς κληρος αὐτοῦ καθὰ εἶπεν αὐτῷ
- 10 Mwen menm, mwen rete karant jou, karant nwit sou mòn lan, jan mwen te fè l' premye fwa a. Fwa sa a ankò, Seyè a koute m', li te dakò pou l' pa detwi nou.
And I was in the mountain, as at the first time, for forty days and forty nights; and again the ears of the Lord were open to my prayer, and he did not send destruction on you.
καθὼ εἰστήκειν ἐν τῷ ὄρει τεσσαράκοντα ἡμέρας καὶ τεσσαράκοντα νύκτας καὶ εἰσήκουσεν κύριος ἐμοῦ καὶ ἐν τῷ καιρῷ τούτῳ καὶ οὐκ ἠθέλησεν κύριος ἐξολοθρεῦσαι ὑμᾶς
- 11 Lè sa a, li di m' konsa: Leve non. Pati, pran devan pèp la. Mennen yo al pran pou yo peyi mwen te sèman m'ap bay zansèt yo a.
Then the Lord said to me, Get up and go on your journey before the people, so that they may go in and take the land which I said in my oath to their fathers that I would give them.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με βιάδιζε ἄπαρον ἐναντίον τοῦ λαοῦ τούτου καὶ εἰσπορεύεσθωσαν καὶ κληρονομήτωσαν τὴν γῆν ἣν ὠμοσα τοῖς πατράσιν αὐτῶν δοῦναι αὐτοῖς
- 12 ¶ Koulye a, nou menm pèp Izrayèl, men sa Seyè a, Bondye nou an, mande nou: Se pou nou gen krentif pou Seyè a, Bondye nou an. Se pou nou swiv chemen li mete devan nou an. Se pou nou renmen l'. Se pou nou sèvi l' ak tout kè nou ak tout nanm nou.
And now, Israel, what would the Lord your God have you do, but to go in the fear of the Lord your God, walking in all his ways and loving him and doing his pleasure with all your heart and all your soul,
καὶ νῦν ἰσραηλ τί κύριος ὁ θεός σου αἰτεῖται παρὰ σοῦ ἄλλ' ἢ φοβεῖσθαι κύριον τὸν θεόν σου πορεύεσθαι ἐν πάσαις ταῖς ὁδοῖς αὐτοῦ καὶ ἀγαπᾶν αὐτὸν καὶ λατρεύειν κυρίῳ τῷ θεῷ σου ἐξ ὅλης τῆς καρδίας σου καὶ ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς σου
- 13 Se pou nou mache dapre tout kòmandman ak tout lòd li yo. Se pou byen nou mwen ban nou yo jòdi a.
Doing the orders of the Lord and keeping his laws which I give you this day for your good?
φυλάσσεσθαι τὰς ἐντολὰς κυρίου τοῦ θεοῦ σου καὶ τὰ δικαιώματα αὐτοῦ ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον ἵνα εὖ σοὶ ᾦ
- 14 Gade non! Se pou Seyè a syèl la ak tou sa ki anwo nèt nan syèl la ye. Se pou li latè ak tou sa ki ladan l' lan ye.
The Lord your God is ruler of heaven, of the heaven of heavens, and of the earth with everything in it.
ἰδοὺ κυρίου τοῦ θεοῦ σου ὁ οὐρανὸς καὶ ὁ οὐρανὸς τοῦ οὐρανοῦ ἡ γῆ καὶ πάντα ὅσα ἐστὶν ἐν αὐτῇ
- 15 Men, pami tout ras moun ki sou latè yo, se zansèt nou yo li te pi pito, paske li te renmen yo. Apre yo, se nou menm, pitit yo, li pi pito nan mitan tout lòt ras moun, jan sa ye jouk koulye a.
But the Lord had delight in your fathers and love for them, marking out for himself their seed after them, even you, from all peoples, as at this day.
πλὴν τοῦ πατέρας ὑμῶν προεἶλατο κύριος ἀγαπᾶν αὐτοὺς καὶ ἐξελέξατο τὸ σπέρμα αὐτῶν μετ' αὐτοὺς ὑμᾶς παρὰ πάντα τὰ ἔθνη κατὰ τὴν ἡμέραν ταύτην
- 16 Se poutèt sa, louvri kè nou nèt bay Seyè a. Sispann fè wòklò ak li,
Let your circumcision be of the heart, and put away your pride.
καὶ περιτεμεῖσθε τὴν σκληροκαρδίαν ὑμῶν καὶ τὸν τράχηλον ὑμῶν οὐ σκληρυνεῖτε ἔτι
- 17 paske Seyè a, Bondye nou an, se li menm ki Bondye anwo tout bondye, se li menm ki chèf sou tout chèf. Li gen pouvwa, li gen fòs, li fè moun respekte l'. Li pa nan paspouki, li pa kite yo achte figi l' avèk kado y'ap ofri ba li.
For the Lord your God is God of gods and Lord of lords, the great God, strong in power and greatly to be feared, who has no respect for any man's position and takes no rewards:
ὁ γὰρ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν οὗτος θεὸς τῶν θεῶν καὶ κύριος τῶν κυρίων ὁ θεὸς ὁ μέγας καὶ ἰσχυρὸς καὶ ὁ φοβερός ὅστις οὐ θαυμάζει πρόσωπον οὐδ' οὐ μὴ λάβῃ δῶρον
- 18 L'ap defann kòz timoun ki san papa yo ak kòz fanm ki pèdi mari yo. Li renmen moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan pèp li a, li ba yo manje pou yo manje ak rad pou yo mete sou yo.
Judging uprightly in the cause of the widow and of the child who has no father, and giving food and clothing in his mercy to the man from a strange country.
ποιῶν κρίσιν προσηλύτῳ καὶ ὀρφανῷ καὶ χήρᾳ καὶ ἀγαπᾷ τὸν προσήλυτον δοῦναι αὐτῷ ἄρτον καὶ ἱμάτιον
- 19 Se pou nou renmen moun lòt nasyon sa yo tou paske yon lè se sa nou te ye nan peyi Lejip la.
So be kind to the man from a strange country who is living among you, for you yourselves were living in a strange country in the land of Egypt.
καὶ ἀγαπήσετε τὸν προσήλυτον προσήλυτοι γὰρ ἦτε ἐν γῆ αἰγύπτῳ
- 20 Se pou Seyè a, Bondye nou an, ase pou nou gen krentif. Se li menm sèlman pou nou sèvi. Pa janm lage l'. Se nan non l' ase pou nou fè sèman.
Let the fear of the Lord your God be before you, give him worship and be true to him at all times, taking your oaths in his name.
κύριον τὸν θεόν σου φοβηθήσῃ καὶ αὐτῷ λατρεύσεις καὶ πρὸς αὐτὸν κολληθήσῃ καὶ τῷ ὀνόματι αὐτοῦ ὀμῇ
- 21 N'a fè lwanj li, se li menm ki Bondye nou. Nou te wè ak je nou tout gwo bagay ak bèl mènvey li te fè pou nou.
He is your God, the God of your praise, your God who has done for you all these works of power which your eyes have seen.
οὗτος καύχημά σου καὶ οὗτος θεός σου ὅστις ἐποίησεν ἐν σοὶ τὰ μεγάλα καὶ τὰ ἐνδοξα ταῦτα ἃ εἶδον οἱ ὀφθαλμοί σου

- 22 Lè zansèt nou yo te desann nan peyi Lejip, yo te swasann dis moun sèlman. Koulye a, Seyè a, Bondye nou an, fè nou vin anpil tankou zetwal nan syèl la.
Your fathers went down into Egypt with seventy persons; and now the Lord your God has made you like the stars of heaven in number.
ἐν ἑβδομήκοντα ψυχαῖς κατέβησαν οἱ πατέρες σου εἰς αἴγυπτον νυνὶ δὲ ἐποίησέν σε κύριος ὁ θεός σου ὥσει τὰ ἄστρα τοῦ οὐρανοῦ τῷ πλήθει
- 1 ¶ Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an. Se pou nou toujou kenbe lòd, prensip ak kòmandman li ban nou yo.
So have love for the Lord your God, and give him worship, and keep his laws and his decisions and his orders at all times.
καὶ ἀγαπήσεις κύριον τὸν θεόν σου καὶ φυλάξῃ τὰ φυλάγματα αὐτοῦ καὶ τὰ δικαιώματα αὐτοῦ καὶ τὰς κρίσεις αὐτοῦ πάσας τὰς ἡμέρας
- 2 Se pou nou rekonèt jòdi a tou sa Seyè a te moutre nou. Nou te wè jan li gen pouwva, jan li gen fòs, jan li gen kouraj. Se nou menm ki te viv tout bagay sa yo, se pa t' pitit nou yo. Yo menm yo pa t' konn anyen, ni yo pa t' wè anyen.
And be certain in your minds this day; for these words are not said to your children, who have had no experience of the training of the Lord your God, and who have not seen his great power or his strong hand and his stretched-out arm,
καὶ γνῶσασθε σήμερον ὅτι οὐχὶ τὰ παιδιά ὑμῶν ὅσοι οὐκ οἶδασιν οὐδὲ εἶδον τὴν παιδείαν κυρίου τοῦ θεοῦ σου καὶ τὰ μεγαλεῖα αὐτοῦ καὶ τὴν χεῖρα τὴν κραταιὰν καὶ τὸν βραχίονα τὸν ὑψηλόν
- 3 Seyè a te fè nou wè mirak ak gwo mènèy li te fè nan mitan peyi Lejip, pou li te fini ak farawon an ansanm ak tout moun nan peyi a.
Or his signs and wonders which he did in Egypt, to Pharaoh, king of Egypt, and all his land;
καὶ τὰ σημεῖα αὐτοῦ καὶ τὰ τέρατα αὐτοῦ ὅσα ἐποίησεν ἐν μέσῳ αἰγύπτου φαραῶ βασιλεῖ αἰγύπτου καὶ πάσῃ τῇ γῆ αὐτοῦ
- 4 Nou te wè kisa li te fè lame Lejip la ak tout chwal yo ak tout cha yo, ki jan li te fè dlo lanmè Wouj la kouvri yo, lè yo t'ap rapouswiv nou an. Seyè a te kraze yo nèt.
And what he did to the army of Egypt, to their horses and their war-carriages; how he made the waters of the Red Sea come up over them when they went after you, and how the Lord put an end to them even to this day;
καὶ ὅσα ἐποίησεν τὴν δύναμιν τῶν αἰγυπτίων τὰ ἄρματα αὐτῶν καὶ τὴν ἵππον αὐτῶν ὡς ἐπέκλυσεν τὸ ὕδωρ τῆς θαλάσσης τῆς ἐρυθρᾶς ἐπὶ προσώπου αὐτῶν καταδιωκόντων αὐτῶν ἐκ τῶν ὀπίσω ὑμῶν καὶ ἀπόλεσεν αὐτοὺς κύριος ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας
- 5 Nou konnen sa li te fè pou nou tout tan nou te nan dezè a jouk nou rive isit la.
And what he did for you in the waste land, till you came to this place;
καὶ ὅσα ἐποίησεν ὑμῖν ἐν τῇ ἐρήμῳ ἕως ἤλθετε εἰς τὸν τόπον τοῦτον
- 6 Chonje sa li te fè Datan ak Abiram, pitit Eliyab, moun fanmi Woubenn yo. Tè a te fann, li vale yo tou vivan ansanm ak tout fanmi yo, tout tant yo ak tout moun ki te avèk yo, devan je tout pèp Izrayèl la.
And what he did to Dathan and Abiram, the sons of Eliab, the son of Reuben; when they went down into the open mouth of the earth, with their families and their tents and every living thing which was theirs, before the eyes of all Israel:
καὶ ὅσα ἐποίησεν τῷ δαθαν καὶ ἀβιρον υἱοῖς ελιαβ υἱοῦ ρουβην οὗς ἀνοίξασα ἡ γῆ τὸ στόμα αὐτῆς κατέπιεν αὐτοὺς καὶ τοὺς οἴκους αὐτῶν καὶ τὰς σκηνὰς αὐτῶν καὶ πᾶσαν αὐτῶν τὴν ὑπόστασιν τὴν μετ' αὐτῶν ἐν μέσῳ παντὸς ἰσραηλ
- 7 Se nou menm ki te wè ak je nou tout gwo mènèy sa yo Seyè a te fè.
But your eyes have seen all the great works of the Lord which he has done.
ὅτι οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν ἑώρακαν πάντα τὰ ἔργα κυρίου τὰ μέγала ὅσα ἐποίησεν ὑμῖν σήμερον
- 8 ¶ Se pou nou mache dapre lòd m'ap ban nou jòdi a, pou nou ka vin fò, pou nou ka pran peyi nou pral anvayi a pou nou,
So keep all the orders which I give you today, so that you may be strong, and go in and take the land which is to be your heritage;
καὶ φυλάξεσθε πάσας τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον ἵνα ζῆτε καὶ πολυπλασιασθῆτε καὶ εἰσελθόντες κληρονομήσητε τὴν γῆν εἰς ἣν ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην ἐκεῖ κληρονομήσῃσαι αὐτήν
- 9 pou nou ka viv lontan nan peyi Seyè a te fè sèman l'ap bay zansèt nou yo pou yo menm ak tout ras yo, nan peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo.
And that your days may be long in the land which the Lord gave by an oath to your fathers and to their seed after them, a land flowing with milk and honey.
ἵνα μακροημερεύσητε ἐπὶ τῆς γῆς ἧς ὅμοσεν κύριος τοῖς πατράσιν ὑμῶν δοῦναι αὐτοῖς καὶ τῷ σπέρματι αὐτῶν μετ' αὐτοῦ γῆν ῥέουσαν γάλα καὶ μέλι
- 10 Peyi nou pral anvayi pou nou pran pou nou an pa yon peyi ki tankou peyi Lejip kote nou soti a, yon peyi kote se nou menm ki te blije simen grenn nan jaden nou, lèfini pou nou te travay di pou nou wouze yo tankou yo wouze jaden legim.
For the land where you are going is not like the land of Egypt from which you have come, where you put in your seeds, watering them with your foot, like a planted garden:
ἔστιν γὰρ ἡ γῆ εἰς ἣν εἰσπορεύῃ ἐκεῖ κληρονομήσῃσαι αὐτήν οὐχ ὥσπερ ἡ γῆ αἰγύπτου ἐστὶν ὅθεν ἐκπετόρευσε ἐκεῖθεν ὅταν σπεύρωσιν τὸν σπόρον καὶ ποτίζωσιν τοὺς ποσὶν ὥσει κῆπον λαχανείας
- 11 Non! Peyi nou pral anvayi pou nou pran pou nou an, se yon peyi ki gen anpil mòn ak anpil fon, yon peyi lapli soti nan syèl wouze tout tan.
But the land where you are going is a land of hills and valleys, drinking in the rain of heaven:
ἡ δὲ γῆ εἰς ἣν εἰσπορεύῃ ἐκεῖ κληρονομήσῃσαι αὐτήν γῆ ὄρεινὴ καὶ πεδινὴ ἐκ τοῦ ὕετοῦ τοῦ οὐρανοῦ πίεται ὕδωρ

- 12 Se yon peyi Seyè a, Bondye nou an, ap pran swen, yon peyi l'ap veye pou anyen pa rive l' depi premye jou nan lanne a rive dènye jou a.
A land cared for by the Lord your God: the eyes of the Lord your God are on it at all times from one end of the year to the other.
γῆ ἢν κύριος ὁ θεός σου ἐπισκοπεῖται αὐτήν διὰ παντός οἱ ὀφθαλμοὶ κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἐπ' αὐτῆς ἀπ' ἀρχῆς τοῦ ἔνιαυτοῦ καὶ ἕως συντελείας τοῦ ἔνιαυτοῦ
- 13 Nou mèt sèten, si nou mache dapre kòmandman mwen ban nou jòdi a, si nou renmen Seyè a, Bondye nou an, si nou sèvi l' ak tout kè nou ak tout nanm nou,
And it will be that if you truly give ear to the orders which I put before you this day, loving the Lord your God and worshipping him with all your heart and all your soul,
ἐὰν δὲ ἀκοῆ εἰσακούσητε πάσας τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον ἀγαπᾶν κύριον τὸν θεὸν σου καὶ λατρεύειν αὐτῷ ἐξ ὅλης τῆς καρδίας σου καὶ ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς σου
- 14 m'a voye lapli sou tè nou lè n'a bezwen l', m'a bay lapli nan sezon plante ak nan sezon rekòt pou nou ka gen anpil manje, anpil diven ak anpil lwil.
Then I will send rain on your land at the right time, the early rains and the late rains, so that you may get in your grain and your wine and your oil.
καὶ δώσει τὸν ὑετὸν τῇ γῆ σου καθ' ὥραν πρόμιον καὶ ὄσμιον καὶ εἰσοίσεις τὸν σῖτόν σου καὶ τὸν οἶνόν σου καὶ τὸ ἔλαιόν σου
- 15 M'a fè anpil zèb pouse nan savann nou yo pou bèt nou manje. Konsa, n'a jwenn manje pou nou manje plen vant nou.
And I will give grass in your fields for your cattle, so that you may have food in full measure.
καὶ δώσει χορτάσματα ἐν τοῖς ἀγροῖς σου τοῖς κτήνεσίν σου καὶ φαγὼν καὶ ἐμπλησθεῖς
- 16 Fè atansyon pou nou pa pèdi tèt nou, pou nou pa kite chemen ki devan nou an pou n' al sèvi lòt bondye, pou n' al adore yo.
But take care that your hearts are not turned to false ways so that you become servants and worshippers of other gods;
πρόσεχε σεαυτῷ μὴ πλατυνθῆ ἡ καρδία σου καὶ παραβῆτε καὶ λατρεύσητε θεοῖς ἑτέροις καὶ προσκυνήσητε αὐτοῖς
- 17 Si nou kite sa rive nou, Seyè a va fache anpil sou nou, li p'ap voye lapli. Si pa gen lapli, tè a p'ap bay sa pou l' te bay la. Nou tout n'ap mouri byen vit nan bon peyi Seyè a ban nou an.
For if you do so, the wrath of the Lord will be burning against you, and the heaven will be shut up so that there is no rain and the land will give no fruit; and in a very little time you will be cut off from the good land which the Lord is giving you.
καὶ θυμωθεὶς ὀργῇ κύριος ἐφ' ὑμῖν καὶ συσχῆ τὸν οὐρανὸν καὶ οὐκ ἔσται ὑετός καὶ ἡ γῆ οὐ δώσει τὸν καρπὸν αὐτῆς καὶ ἀπολείσθη ἐν τάχει ἀπὸ τῆς γῆς τῆς ἀγαθῆς ἧς ἔδωκεν ὁ κύριος ὑμῖν
- 18 ¶ Fè pawòl m'ap di nou la a antre nan tèt nou pou nou pa janm bliye yo! Mare yo sou ponyèt nou ak sou fwon nou pou nou ka toujou chonje yo.
So keep these words deep in your heart and in your soul, and have them fixed on your hand for a sign and marked on your brow;
καὶ ἐμβαλεῖτε τὰ ῥήματα ταῦτα εἰς τὴν καρδίαν ὑμῶν καὶ εἰς τὴν ψυχὴν ὑμῶν καὶ ἀφάψετε αὐτὰ εἰς σημεῖον ἐπὶ τῆς χειρὸς ὑμῶν καὶ ἔσται ἀσάλευτον πρὸ ὀφθαλμῶν ὑμῶν
- 19 N'a moutre yo bay timoun nou yo, n'a repete yo nan zòrèy yo, nou te mèt lakay nou, nou te mèt ap mache granchemen, nou te mèt kouche nan kabann nou, nou te mèt kanpe ap travay.
Teaching them to your children, and talking of them when you are at rest in your house or walking by the way, when you go to sleep and when you get up:
καὶ διδάξετε αὐτὰ τὰ τέκνα ὑμῶν λαλεῖν αὐτὰ καθημένους ἐν οἴκῳ καὶ πορευομένους ἐν ὁδῷ καὶ κοιταζομένους καὶ διανισταμένους
- 20 Ekri yo sou chanbrann pòt lakay nou ak sou pòtay lavil nou yo,
Writing them on the pillars of your houses and over the doors of your towns:
καὶ γράψετε αὐτὰ ἐπὶ τὰς φιλιάς τῶν οἰκιῶν ὑμῶν καὶ τῶν πυλῶν ὑμῶν
- 21 pou nou ka viv lontan, nou menm ansanm ak tout ras nou yo, nan peyi Seyè a te fè sèman l'ap bay zansèt nou yo toutotan va gen yon syèl anwo tè a.
So that your days, and the days of your children, may be long in the land which the Lord by his oath to your fathers said he would give them, like the days of the eternal heavens.
ἵνα πολυημερεύσητε καὶ αἱ ἡμέραι τῶν υἱῶν ὑμῶν ἐπὶ τῆς γῆς ἧς ὥμοσεν κύριος τοῖς πατράσιν ὑμῶν δοῦναι αὐτοῖς καθὼς αἱ ἡμέραι τοῦ οὐρανοῦ ἐπὶ τῆς γῆς
- 22 Si nou swiv pwen pa pwen tout kòmandman mwen ban nou lòd pou nou swiv yo, si nou renmen Seyè a, Bondye nou an, si nou mache sou chemen li mete devan nou an, si nou pa janm lage l',
For if you take care to keep all the orders which I give you, and to do them; loving the Lord your God and walking in all his ways and being true to him:
καὶ ἔσται ἐὰν ἀκοῆ ἀκούσητε πάσας τὰς ἐντολὰς ταύτας ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον ποιεῖν ἀγαπᾶν κύριον τὸν θεὸν ἡμῶν καὶ πορεύεσθαι ἐν πάσαις ταῖς ὁδοῖς αὐτοῦ καὶ προσκολλᾶσθαι αὐτῷ
- 23 Seyè a va mete tout nasyon sa yo deyò devan nou pou nou ka pran plas yo. N'a pran pou nou peyi yon bann nasyon ki gen plis moun pase nou, ki pi fò pase nou.
Then the Lord will send these nations in flight before you, and you will take the lands of nations greater and stronger than yourselves.
καὶ ἐκβαλεῖ κύριος πάντα τὰ ἔθνη ταῦτα ἀπὸ προσώπου ὑμῶν καὶ κληρονομήσετε ἔθνη μεγάλα καὶ ἰσχυρότερα μᾶλλον ἢ ὑμεῖς
- 24 Tout kote pye nou va pile, se pou nou la ye. N'a gen dezè a pou lizyè sou anba, peyi Liban an sou anwo. N'a gen gwo larivyè Lefrat la yon bò ak lanmè Mediterane a sou bò solèy kouche.
Every place where you put your foot will be yours: from the waste land and Lebanon, from the river, the river Euphrates as far as the Great Sea, will be the limits of your land.
πάντα τὸν τόπον οὗ ἐὰν πατήσῃ τὸ ἴχνος τοῦ ποδὸς ὑμῶν ὑμῖν ἔσται ἀπὸ τῆς ἐρήμου καὶ ἀντιλιβάνου καὶ ἀπὸ τοῦ ποταμοῦ τοῦ μεγάλου ποταμοῦ εὐφράτου καὶ ἕως τῆς θαλάσσης τῆς ἐπὶ δυσμῶν ἔσται τὰ ὄριά σου

- 25 **Pesonn p'ap ka kanpe devan nou pou rete nou sou kous nou. Kote nou pase, Seyè a, Bondye nou an, pral fè moun peyi a pè nou, yo pral kouri pou nou jan li te pwomèt nou li a.**
All people will give way before you: for the Lord your God will put the fear of you on all the land through which you go, as he has said.
οὐκ ἀντιστήσεται οὐδείς κατὰ πρόσωπον ὑμῶν τὸν τρόπον ὑμῶν καὶ τὸν φόβον ὑμῶν ἐπιθήσει κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ἐπὶ πρόσωπον πάσης τῆς γῆς ἐφ' ἧς ἐὰν ἐπιβῆτε ἐπ' αὐτῆς ὃν τρόπον ἐλάλησεν κύριος πρὸς ὑμᾶς
- 26 **¶ Jòdi a, mwen mete benediksyon ak madichon devan nou. Se nou ki pou chwazi.**
Today I put before you a blessing and a curse:
ἰδοὺ ἐγὼ δίδωμι ἐνώπιον ὑμῶν σήμερον εὐλογίαν καὶ κατάραν
- 27 **Se va benediksyon pou nou si nou swiv tout kòmandman Seyè a, Bondye nou an, kòmandman mwen ban nou jòdi a.**
The blessing if you give ear to the orders of the Lord your God, which I give you this day:
τὴν εὐλογίαν ἐὰν ἀκούσητε τὰς ἐντολὰς κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ὡς ἐγὼ ἐντέλλομαι ὑμῖν σήμερον
- 28 **Men se va madichon pou nou si nou pa vle mache dapre kòmandman Seyè a, Bondye nou an, si nou kite chemen mwen mande nou pou nou swiv jòdi a pou n' al kouri dèyè lòt bondye nou pa janm konnen.**
And the curse if you do not give ear to the orders of the Lord your God, but let yourselves be turned from the way which I have put before you this day, and go after other gods which are not yours.
καὶ τὰς κατάρας ἐὰν μὴ ἀκούσητε τὰς ἐντολὰς κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι ὑμῖν σήμερον καὶ πλανηθῆτε ἀπὸ τῆς ὁδοῦ ἧς ἐνετειλάμην ὑμῖν πορευθέντες λατρεύειν θεοῖς ἑτέροις οὓς οὐκ οἴδατε
- 29 **Lè Seyè a, Bondye nou an, va fè nou antre nan peyi nou pral pran pou nou an, n'a mete benediksyon an sou mòn Garizim, n'a mete madichon an sou mòn Ebal.**
And when the Lord your God has taken you into the land of your heritage, you are to put the blessing on Mount Gerizim and the curse on Mount Ebal.
καὶ ἔσται ὅταν εἰσαγάγῃ σε κύριος ὁ θεὸς σου εἰς τὴν γῆν εἰς ἣν διαβαίνεις ἐκεῖ κληρονομήσαι αὐτήν καὶ δώσεις τὴν εὐλογίαν ἐπ' ὄρος γαριζὶν καὶ τὴν κατάραν ἐπ' ὄρος γαιβαλ
- 30 **Mòn sa yo lòt bò larivyè Jouden, nan direksyon solèy kouche, nan peyi moun Kanaran yo ki rete nan plenn Araba a, anfas Gilga, toupre pye chenn Moreh a.**
Are they not on the other side of Jordan, looking west, in the land of the Canaanites living in the Arabah, opposite Gilgal, by the holy tree of Moreh?
οὐκ ἰδοὺ ταῦτα πέραν τοῦ ἰορδάνου ὀπίσω ὁδὸν δυσμῶν ἡλίου ἐν γῆ χανααν τὸ κατοικοῦν ἐπὶ δυσμῶν ἐχόμενον τοῦ γολγολ πλησίον τῆς δρυὸς τῆς ὑψηλῆς
- 31 **Nou prèt pou nou janbe lòt bò larivyè Jouden an pou n' al pran pou nou peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an. N'a pran peyi a pou nou, n'a rete ladan l'.**
For you are about to go over Jordan to take the heritage which the Lord your God is giving you, and it will be your resting-place.
ὁμοίως γὰρ διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην εἰσελθόντες κληρονομήσαι τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν δίδωσιν ὑμῖν ἐν κλήρῳ πάσας τὰς ἡμέρας καὶ κληρονομήσετε αὐτήν καὶ κατοικήσετε ἐν αὐτῇ
- 32 **N'a fè atansyon pou nou kenbe tout lòd ak tout prensip mwen mete devan nou jòdi a.**
And you are to take care to keep all the laws and the decisions which I put before you today.
καὶ φυλάξεσθε τοῦ ποιεῖν πάντα τὰ προστάγματα αὐτοῦ καὶ τὰς κρίσεις ταύτας ὅσας ἐγὼ δίδωμι ἐνώπιον ὑμῶν σήμερον
- 1 **¶ Men lòd ak kòmandman pou nou swiv pandan tout tan nou gen pou nou viv nan peyi Seyè a, Bondye zansèt nou yo, ban nou pou nou rete a.**
These are the laws and the decisions which you are to keep with care in the land which the Lord, the God of your fathers, has given you to be your heritage all the days of your life on earth.
καὶ ταῦτα τὰ προστάγματα καὶ αἱ κρίσεις ὡς φυλάξετε τοῦ ποιεῖν ἐπὶ τῆς γῆς ἧς κύριος ὁ θεὸς τῶν πατέρων ὑμῶν δίδωσιν ὑμῖν ἐν κλήρῳ πάσας τὰς ἡμέρας ὡς ὑμεῖς ζῆτε ἐπὶ τῆς γῆς
- 2 **Nan peyi nou pral pran pou nou an, se pou nou kraze tout kote moun yo te konn sèvi bondye yo sou gwo mòn wo yo, sou ti bit mòn yo, anba pyebwa vèt yo.**
You are to give up to the curse all those places where the nations, whom you are driving out, gave worship to their gods, on the high mountains and the hills and under every green tree:
ἀπολεία ἀπολείετε πάντα τοὺς τόπους ἐν οἷς ἐλάτρευσαν ἐκεῖ τοῖς θεοῖς αὐτῶν οὓς ὑμεῖς κληρονομεῖτε αὐτούς ἐπὶ τῶν ὄρεων τῶν ὑψηλῶν καὶ ἐπὶ τῶν θινῶν καὶ ὑποκάτω δένδρου δασέος
- 3 **Se pou nou demoli tout lòtèl yo, se pou nou gaye tout pil wòch zidòl yo. Se pou nou rache tout poto Achera yo. Se pou nou boule tout zidòl yo pou moun pa janm chonje yo te konn fè sèvis pou bondye sa yo la ankò.**
Their altars and their pillars are to be broken down, and their holy trees burned with fire, and the images of their gods cut down; you are to take away their names out of that place.
καὶ κατασκάψετε τοὺς βωμοὺς αὐτῶν καὶ συντρίψετε τὰς στήλας αὐτῶν καὶ τὰ ἄλση αὐτῶν ἐκκόψετε καὶ τὰ γλυπτὰ τῶν θεῶν αὐτῶν κατακαύσετε πυρὶ καὶ ἀπολείται τὸ ὄνομα αὐτῶν ἐκ τοῦ τόπου ἐκεῖνου
- 4 **Nou pa fèt pou nou sèvi Seyè a, Bondye nou an, jan moun sa yo te konn sèvi bondye yo.**
Do not so to the Lord your God.
οὐ ποιήσετε οὕτως κυρίῳ τῷ θεῷ ὑμῶν
- 5 **¶ Se Bondye memm ki pral chwazi yon kote pou l' rete nan mitan pèp la, kote pou yo fè sèvis pou li. Se la n'a vin jwenn Seyè a, Bondye nou an.**
But let your hearts be turned to the place which will be marked out by the Lord your God, among your tribes, to put his name there;
ἀλλ' ἢ εἰς τὸν τόπον ὃν ἂν ἐκλέξηται κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ἐν μιᾷ τῶν φυλῶν ὑμῶν ἐπονομάσαι τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκεῖ ἐπικληθῆναι καὶ ἐκζητήσετε καὶ εἰσελεύσεσθε ἐκεῖ

- 6 Se la n'a pote ofrann pou boule nèt nan dife pou Seyè a ak lòt bèt n'ap ofri ba li, ladim nou yo ak kado nou yo, ofrann nou te pwomèt bay Bondye, ofrann nou leve konsa nou vle fè pou Bondye, premye pitit bèf nou yo, premye pitit kabrit nou yo ak premye pitit mouton nou yo.
And there you are to take your burned offerings and other offerings, and the tenth part of your goods, and the offerings to be lifted up to the Lord, and the offerings of your oaths, and those which you give freely from the impulse of your hearts, and the first births among your herds and your flocks;
καὶ οἴσετε ἐκεῖ τὰ ὀλοκαυτώματα ὑμῶν καὶ τὰ θυσιάσματα ὑμῶν καὶ τὰς ἀπαρχὰς ὑμῶν καὶ τὰς εὐχὰς ὑμῶν καὶ τὰ ἐκούσια ὑμῶν καὶ τὰ πρωτότοκα τῶν βοῶν ὑμῶν καὶ τῶν προβάτων ὑμῶν
- 7 Se la, devan Seyè a, Bondye nou an, n'a fè fèt, n'a manje ansanm ak tout moun nan fanmi nou yo. Se la n'a fè kè nou kontan chak lè Seyè a va beni nou pou li te fè nou fè bèl rekòt.
There you and all your families are to make a feast before the Lord your God, with joy in everything to which you put your hand, because the Lord has given you his blessing.
καὶ φάγεσθε ἐκεῖ ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν καὶ εὐφρανθήσεσθε ἐπὶ πᾶσιν οὓς ἂν τὴν χεῖρα ἐπιβάλητε ὑμεῖς καὶ οἱ οἴκοι ὑμῶν καθότι εὐλόγησέν σε κύριος ὁ θεὸς σου
- 8 Lè sa a, nou p'ap gen dwa fè sa n'ap fè koulye a kote chak moun ap fè sa yo pi pito,
You are not to do things then in the way in which we now do them here, every man as it seems right to him:
οὐ ποιήσετε πάντα ἃ ἡμεῖς ποιοῦμεν ὧδε σήμερον ἕκαστος τὸ ἀρεστὸν ἐνώπιον αὐτοῦ
- 9 paske nou poko antre nan peyi Seyè a, Bondye sou an, ap ban nou pou nou rete ak kè poze.
For you have not come to the rest and the heritage which the Lord your God is giving you.
οὐ γὰρ ἤκατε ἕως τοῦ νῦν εἰς τὴν καταπαύσιν καὶ εἰς τὴν κληρονομίαν ἣν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν δίδωσιν ὑμῖν
- 10 Men, yon fwa n'a janbe lòt bò larivyè Jouden an pou n' al rete nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an, l'a pwoteje nou nan mitan tout lènmi k'ap viv nan peyi ki sou fwontyè nou yo, n'a rete nan peyi a ak kè poze.
But when you have gone over Jordan and are living in the land which the Lord your God is giving you as your heritage, and when he has given you rest from all those on every side who are fighting against you, and you are living there safely;
καὶ διαβήσεσθε τὸν ἰορδάνην καὶ κατοικήσετε ἐπὶ τῆς γῆς ἧς κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν κατακληρονομεῖ ὑμῖν καὶ καταπαύσει ὑμᾶς ἀπὸ πάντων τῶν ἐχθρῶν ὑμῶν τῶν κύκλῳ καὶ κατοικήσετε μετὰ ἀσφαλείας
- 11 Wi, Seyè a, Bondye nou an, va chwazi yon sèl kote pou yo fè sèvis pou li. Se la n'a pote tout ofrann mwen mande nou yo ba li: ofrann bèt pou nou boule nèt nan dife pou Seyè a, lòt bèt n'ap ofri ba li, ladim nou yo, lòt ofrann yo ak tout lòt bèl kado nou te pwomèt pou n' te bay Seyè a.
Then there will be a place marked out by the Lord your God as the resting-place for his name, and there you will take all the things which I give you orders to take: your burned offerings and other offerings, and the tenth part of your goods, and the offerings to be lifted up, and the offerings of your oaths which you make to the Lord;
καὶ ἔσται ὁ τόπος ὃν ἂν ἐκλέξῃται κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν ἐπικληθῆναι τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκεῖ ἐκεῖ οἴσετε πάντα ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι ὑμῖν σήμερον τὰ ὀλοκαυτώματα ὑμῶν καὶ τὰ θυσιάσματα ὑμῶν καὶ τὰ ἐπιδέκτα ὑμῶν καὶ τὰς ἀπαρχὰς τῶν χειρῶν ὑμῶν καὶ τὰ δόματα ὑμῶν καὶ πᾶν ἐκλεκτὸν τῶν δώρων ὑμῶν ὅσα ἐὰν εὕξησθε τῷ θεῷ ὑμῶν
- 12 Lè sa a, n'a fè fèt devan Seyè a, Bondye nou an, ansanm avèk pitit gason nou yo, pitit fi nou yo, gason ak fanm k'ap travay lakay nou yo ak moun Levi k'ap viv nan mitan nou yo, paske moun Levi yo pa gen ankenn pòsyon tè ki rele yo pa yo menm jan ak nou nan peyi a.
And you will be glad before the Lord your God, you and your sons and your daughters, and your men-servants and your women-servants, and the Levite who is with you in your house, because he has no part or heritage among you.
καὶ εὐφρανθήσεσθε ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν ὑμεῖς καὶ οἱ υἱοὶ ὑμῶν καὶ αἱ θυγατέρες ὑμῶν οἱ παῖδες ὑμῶν καὶ αἱ παιδίσκαι ὑμῶν καὶ ὁ λευίτης ὁ ἐπὶ τῶν πυλῶν ὑμῶν ὅτι οὐκ ἔστιν αὐτῷ μερίς οὐδὲ κληρὸς μεθ' ὑμῶν
- 13 Piga nou ofri bèt nou yo pou mwen nenpòt kote nou wè yo te mete apa pou lòt bondye yo.
Take care that you do not make your burned offerings in any place you see:
πρόσεχε σεαυτῷ μὴ ἀνεγκένης τὰ ὀλοκαυτώματά σου ἐν παντὶ τόπῳ οὗ ἂν ἴδῃς
- 14 Seyè a pral chwazi yon kote nan pòsyon tè yonn nan branch fanmi nou yo. Se la sèlman n'a ka ofri bèt pou nou boule nèt pou Seyè a, se la n'a fè tou sa li mande pou nou fè a.
But in the place marked out by the Lord in one of your tribes, there let your burned offerings be offered, and there do what I have given you orders to do.
ἀλλ' ἢ εἰς τὸν τόπον ὃν ἂν ἐκλέξῃται κύριος ὁ θεὸς σου αὐτὸν ἐν μιᾷ τῶν φυλῶν σου ἐκεῖ ἀνοίσεις τὰ ὀλοκαυτώματά σου καὶ ἐκεῖ ποιήσεις πάντα ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον
- 15 Men, nou lib pou nou touye bèt chak fwa nou vle manje vyann nenpòt kote nou ye, dapre kantite Seyè a va ban nou. Tout moun, kit sa ki nan kondisyon, kit sa ki pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye, va gen dwa manje vyann sa yo, tankou yo ta manje vyann gazèl ak vyann towò bèf.
Only you may put to death animals, such as the gazelle or the roe, for your food in any of your towns, at the desire of your soul, in keeping with the blessing of the Lord your God which he has given you: the unclean and the clean may take of it.
ἀλλ' ἢ ἐν πάσῃ ἐπιθυμίᾳ σου θύσεις καὶ φάγη κρέα κατὰ τὴν εὐλογίαν κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἣν ἔδωκέν σοι ἐν πάσῃ πόλει ὁ ἀκάθαρτος ἐν σοὶ καὶ ὁ καθαρὸς ἐπὶ τὸ αὐτὸ φάγεται αὐτὸ ὡς δορκάδα ἢ ἔλαφον

- 16 Men, piga nou janm manje san yo. Se pou nou vide tout san an atè tankou dlo.
But you may not take the blood for food, it is to be drained out on the earth like water.
πλὴν τὸ αἷμα οὐ φάγεσθε ἐπὶ τὴν γῆν ἐκχεεῖτε αὐτὸ ὡς ὕδωρ
- 17 Nan tout lavil kote nou rete, nou p'ap gen dwa manje ladim ble, ladim diven osinon ladim lwil nou gen pou n' ofri bay Seyè a. Piga nou janm manje anyen nan sa n'ap ofri bay Seyè a: ki vle di premye pitit bèf nou yo, premye pitit kabrit osinon mouton nou yo, ou ankò kado nou ta pwomèt Seyè a pou nou ba li, kado nou leve konsa nou vle fè Seyè a, ni ankenn lòt ofrann nou pote bay Seyè a.
In your towns you are not to take as food the tenth part of your grain, or of your wine or your oil, or the first births of your herds or of your flocks, or anything offered under an oath, or freely offered to the Lord, or given as a lifted offering;
οὐ δυνήσῃ φαγεῖν ἐν ταῖς πόλεσίν σου τὸ ἐπιδέκατον τοῦ σίτου σου καὶ τοῦ οἴνου σου καὶ τοῦ ἐλαίου σου τὰ πρωτότοκα τῶν βοῶν σου καὶ τῶν προβάτων σου καὶ πάσας εὐχὰς ὅσας ἂν εὐξήσῃ καὶ τὰς ὁμολογίας ὑμῶν καὶ τὰς ἀπαρχὰς τῶν χειρῶν ὑμῶν
- 18 Men, se kote Seyè a, Bondye nou an, te chwazi a, se la sèlman n'a manje ofrann yo devan Seyè a, Bondye nou an, ansanm ak pitit gason nou, pitit fi nou, gason ak fanm k'ap travay lakay nou ak moun Levi ki rete nan mitan nou yo. Se la n'a pran nan ofrann nou te pote yo, n'a fè fèt devan Seyè a, Bondye nou an.
But they will be your food before the Lord your God in the place of his selection, where you may make a feast of them, with your son and your daughter, and your man-servant and your woman-servant, and the Levite who is living with you: and you will have joy before the Lord your God in everything to which you put your hand.
ἀλλ' ἢ ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ σου φάγη αὐτὰ ἐν τῷ τόπῳ ᾧ ἂν ἐκλέξῃται κύριος ὁ θεός σου αὐτῷ σὺ καὶ ὁ υἱός σου καὶ ἡ θυγάτηρ σου ὁ παῖς σου καὶ ἡ παιδίσκη σου καὶ ὁ προσήλυτος ὁ ἐν ταῖς πόλεσιν ὑμῶν καὶ εὐφρανθήσῃ ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἐπὶ πάντα οὐ ἂν ἐπιβάλλῃς τὴν χεῖρά σου
- 19 Toutotan n'ap viv nan peyi a, piga nou janm bliye moun Levi yo.
See that you do not give up caring for the Levite as long as you are living in your land.
πρόσεχε σεαυτῷ μὴ ἐγκαταλίπῃς τὸν λευίτην πάντα τὸν χρόνον ὅσον ἔαν ζῆς ἐπὶ τῆς γῆς
- 20 Lè Seyè a, Bondye nou an, va mete sou tè nou deja genyen an jan li te pwomèt nou sa a, depi nou vle manje vyann, nou mèt manje vyann lè nou vle, kantite nou vle.
When the Lord your God makes wide the limit of your land, as he has said, and you say, I will take flesh for my food, because you have a desire for it; then you may take whatever flesh you have a desire for.
ἔαν δὲ ἐμπλατύνῃ κύριος ὁ θεός σου τὰ ὄρια σου καθάπερ ἐλάλησέν σοι καὶ ἐρεῖς φάγομαι κρέα ἐὰν ἐπιθυμῆσῃ ἡ ψυχὴ σου ὥστε φαγεῖν κρέα ἐν πάσῃ ἐπιθυμίᾳ τῆς ψυχῆς σου φάγη κρέα
- 21 Lè kote Seyè a chwazi pou yo fè sèvis pou li a twò lwen pou nou ale, n'a gen dwa touye bèf, kabrit ak mouton Seyè a va ban nou, jan mwen te di nou pou nou fè l' la. N'a gen dwa manje vyann lakay nou lè nou vle, kantite nou vle.
If the place marked out by the Lord your God as the resting-place for his name is far away from you, then take from your herds and from your flocks which the Lord has given you, as I have said, and have a meal of it in the towns where you may be living.
ἔαν δὲ μακρότερον ἀπέχη σου ὁ τόπος ὃν ἂν ἐκλέξῃται κύριος ὁ θεός σου ἐπικληθῆναι τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκεῖ καὶ θύσεις ἀπὸ τῶν βοῶν σου καὶ ἀπὸ τῶν προβάτων σου ὧν ἂν δῶ ὁ θεός σοι ὃν τρόπον ἐνετείλάμην σοι καὶ φάγη ἐν ταῖς πόλεσίν σου κατὰ τὴν ἐπιθυμίαν τῆς ψυχῆς σου
- 22 Tout moun, kit yo nan kondisyon kit yo pa nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye, tout moun va gen dwa manje nan vyann sa a, tankou yo gen dwa manje vyann gazèl ak vyann towò bèf.
It will be your food, like the gazelle and the roe; the unclean and the clean may take of it.
ὡς ἔσθεται ἡ δορκὰς καὶ ἡ ἔλαφος οὕτως φάγη αὐτὸ ὁ ἀκάθαρτος ἐν σοὶ καὶ ὁ καθαρὸς ὡσαύτως ἔδεται
- 23 Tansèlman, piga nou janm manje san an, paske san an se nanm bèt la li ye. Piga nou janm manje vyann lan ansanm ak nanm lan ladan l'.
But see that you do not take the blood for food; for the blood is the life; and you may not make use of the life as food with the flesh.
πρόσεχε ἰσχυρῶς τοῦ μὴ φαγεῖν αἷμα ὅτι τὸ αἷμα αὐτοῦ ψυχὴ οὐ βρωθήσεται ἡ ψυχὴ μετὰ τῶν κρεῶν
- 24 Piga nou janm manje san an. N'a vide l' atè tankou dlo.
Do not take it for food but let it be drained out on the earth like water.
οὐ φάγεσθε ἐπὶ τὴν γῆν ἐκχεεῖτε αὐτὸ ὡς ὕδωρ
- 25 Si nou pa manje san an, tout bagay va mache byen pou nou ak pou tout ras nou apre nou, paske n'a fè sa ki fè Seyè a plezi.
Do not take it for food; so that it may be well for you and for your children after you, while you do what is right in the eyes of the Lord.
οὐ φάγη αὐτὸ ἵνα εὖ σοι γένηται καὶ τοῖς υἱοῖς σου μετὰ σέ ἐὰν ποιήσῃς τὸ καλὸν καὶ τὸ ἀρεστὸν ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ σου
- 26 Men, n'a pran tout ofrann nou yo ak tout kado nou te pwomèt bay Seyè a, n'a pote yo kote Seyè a te chwazi a.
But the holy things which you have, and the offerings of your oaths, you are to take to the place which will be marked out by the Lord:
πλὴν τὰ ἁγία σου ἔαν γένηταί σοι καὶ τὰς εὐχὰς σου λαβὼν ἤξεις εἰς τὸν τόπον ὃν ἂν ἐκλέξῃται κύριος ὁ θεός σου ἐπικληθῆναι τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκεῖ

- 27 Se la n'a ofri bèt pou boule nèt pou Seyè a sou lòtèl Seyè a. Se la n'a vide san lòt bèt n'ap ofri sou lòtèl Seyè a, epi se la n'a manje vyann lan tou.
Offering the flesh and the blood of your burned offerings on the altar of the Lord your God; and the blood of your offerings is to be drained out on the altar of the Lord your God, and the flesh will be your food.
καὶ ποιήσεις τὰ ὀλοκαυτώματά σου τὰ κρέα ἀνοίσεις ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον κυρίου τοῦ θεοῦ σου τὸ δὲ αἷμα τῶν θυσιῶν σου προσχεῖς πρὸς τὴν βάσιν τοῦ θυσιαστηρίου κυρίου τοῦ θεοῦ σου τὰ δὲ κρέα φάγη
- 28 Se pou nou swiv pwen pa pwen tou sa m'ap mande nou fè a, se pou nou kenbe tout lòd mwen ban nou pou tout bagay toujou mache byen pou nou ak pou tout ras nou apre nou, paske n'ap fè tou sa ki byen, tou sa ki dwat devan Seyè a, Bondye nou an.
Take note of all these orders I am giving you and give attention to them, so that it may be well for you and for your children after you for ever, while you do what is good and right in the eyes of the Lord your God.
φυλάσσω καὶ ἄκουε καὶ ποιήσεις πάντας τοὺς λόγους οὓς ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ ἵνα εὖ σοὶ γένηται καὶ τοῖς υἱοῖς σου δι' αἰῶνος ἐὰν ποιήσῃς τὸ καλὸν καὶ τὸ ἀρεστὸν ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ σου
- 29 Lè Seyè a, Bondye nou an, va fin disparèt nasyon yo sou chemen nou pou nou ka anvayi peyi yo a, lè n'a fin pran peyi a nan men yo pou nou ka rete nou menm ladan l',
When the people of the land where you are going have been cut off before you by the Lord your God, and you have taken their land and are living in it;
ἐὰν δὲ ἐξολεθρευθῆ κύριος ὁ θεός σου τὰ ἔθνη εἰς οὓς σὺ εἰσπορεύῃ ἐκεῖ κληρονομήσαι τὴν γῆν αὐτῶν ἀπὸ προσώπου σου καὶ κατακληρονομήσῃς αὐτοὺς καὶ κατοικήσῃς ἐν τῇ γῇ αὐτῶν
- 30 atansyon pou nou pa kite yo pran tèt nou pou nou fè menm jan ak yo. Apre Seyè a va fin kraze nasyon sa yo devan nou, pa konprann pou n' al swiv move egzanp yo. Pa chache konnen ki bondye yo t'ap sèvi, ni ki jan yo t'ap sèvi yo, lèfini pou nou fè tankou yo.
After their destruction take care that you do not go in their ways, and that you do not give thought to their gods, saying, How did these nations give worship to their gods? I will do as they did.
πρόσεχε σεαυτῷ μὴ ἐκζητήσῃς ἐπακολουθῆσαι αὐτοῖς μετὰ τὸ ἐξολεθρευθῆναι αὐτοὺς ἀπὸ προσώπου σου οὐ μὴ ἐκζητήσῃς τοὺς θεοὺς αὐτῶν λέγων πῶς ποιοῦσιν τὰ ἔθνη ταῦτα τοῖς θεοῖς αὐτῶν ποιῆσω κἀγὼ
- 31 Se pa konsa pou n' aji ak Seyè a, Bondye nou an. Paske, Seyè a pa ka sipòte tout vye sèvis y'ap fè pou bondye sa yo. Yo menm rive pran pwòp pitit gason ak pitit fi yo pou yo boule nan dife pou bondye yo!
Do not so to the Lord your God: for everything which is disgusting to the Lord and hated by him they have done in honour of their gods: even burning their sons and daughters in the fire to their gods.
οὐ ποιήσεις οὕτως κυρίῳ τῷ θεῷ σου τὰ γὰρ βδελύγματα ἃ κύριος ἐμίσησεν ἐποίησαν τοῖς θεοῖς αὐτῶν ὅτι τοὺς υἱοὺς αὐτῶν καὶ τὰς θυγατέρας αὐτῶν κατακαίουσιν ἐν πυρὶ τοῖς θεοῖς αὐτῶν
- 1 ¶ Si ta gen nan mitan nou yon pwofèt osinon yon moun ki konn fè vizyon, epi ki ta fè konnen kèk siy osinon kèk gwo bagay pral rive nan mitan nou,
If ever you have among you a prophet or a dreamer of dreams and he gives you a sign or a wonder,
πάν ῥῆμα ὃ ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον τοῦτο φυλάξῃ ποιεῖν οὐ προσθήσεις ἐπ' αὐτὸ οὐδὲ ἀφελεῖς ἀπ' αὐτοῦ
- 2 si sa li te anonse a rive vre epi li ta vin di nou: Ann al swiv lòt bondye nou poko konnen menm yo! Ann al fè sèvis pou yo!
And the sign or the wonder takes place, and he says to you, Let us go after other gods, which are strange to you, and give them worship;
ἐὰν δὲ ἀναστῆ ἐν σοὶ προφήτης ἢ ἐνυπνιαζόμενος ἐνύπνιον καὶ δῶ σοὶ σημεῖον ἢ τέρας
- 3 nou pa fèt pou nou koute pawòl pwofèt sa a ap di, ni sa moun ki konn fè vizyon an ap vin rakonte nan zòrèy nou. Paske se Seyè a, Bondye nou an, k'ap sonde nou, l'ap chache konnen si vreman vre nou renmen Seyè a ak tout kè nou, ak tout nanm nou.
Then give no attention to the words of that prophet or that dreamer of dreams: for the Lord your God is testing you, to see if all the love of your heart and soul is given to him.
καὶ ἔλθῃ τὸ σημεῖον ἢ τὸ τέρας ὃ ἐλάλησεν πρὸς σὲ λέγων πορευθῶμεν καὶ λατρεύσωμεν θεοῖς ἑτέροις οὓς οὐκ οἶδατε
- 4 Se Seyè a, Bondye nou an, pou nou swiv. Se li menm pou nou gen krentif. Se lòd li pou nou swiv. Se sa li di nou pou nou koute. Se li menm pou nou sèvi. Pa janm vire do ba li.
But keep on in the ways of the Lord your God, fearing him and keeping his orders and hearing his voice, worshipping him and being true to him.
οὐκ ἀκούσεσθε τῶν λόγων τοῦ προφήτου ἐκείνου ἢ τοῦ ἐνυπνιαζομένου τὸ ἐνύπνιον ἐκεῖνο ὅτι πειράζει κύριος ὁ θεὸς ὑμᾶς εἰδέναι εἰ ἀγαπάτε κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν ἐξ ὅλης τῆς καρδίας ὑμῶν καὶ ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς ὑμῶν
- 5 Kanta pou pwofèt sa a, osinon moun k'ap fè vizyon an, se pou nou touye yo. Paske y'ap ban nou konsèy pou nou kenbe tèt ak Seyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip epi ki te wete nou nan esklavaj nou te ye laba a. Se pou nou touye yo, paske y'ap chache fè nou kite chemen Seyè a, Bondye nou an, te mete devan nou pou nou te swiv la. Se konsa n'a wete bagay mal k'ap fèt nan mitan nou.
And that prophet or that dreamer of dreams is to be put to death; for his words were said with the purpose of turning you away from the Lord your God, who took you out of the land of Egypt and made you free from the prison-house; and of forcing you out of the way in which the Lord your God has given you orders to go. So you are to put away the evil from among you.
ὀπίσω κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν πορεύεσθε καὶ αὐτὸν φοβηθήσεσθε καὶ τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ φυλάξεσθε καὶ τῆς φωνῆς αὐτοῦ ἀκούσεσθε καὶ αὐτῷ προσεθήσεσθε

- 6 ¶ Si you frè nou, bò papa osinon bò manman, osinon you pitit gason nou, osinon youn nan pitit fi nou, osinon madanm k'ap viv nan menm kay avèk nou, osinon ankò youn nan bon bon zanmi nou ta chache pran tèt nou an kachèt pou fè n' al sèvi lòt bondye, bondye ni nou menm ni zansèt nou yo pa t' janm konnen,
If your brother, the son of your mother, or your son or your daughter or the wife of your heart, or the friend who is as dear to you as your life, working on you secretly says to you, Let us go and give worship to other gods, strange to you and to your fathers;
καὶ ὁ προφήτης ἐκεῖνος ἢ ὁ τὸ ἐνὸπριον ἐνυπνιαζόμενος ἐκεῖνος ἀποθάνεται ἐλάλησεν γὰρ πλανησαί σε ἀπὸ κυρίου τοῦ θεοῦ σου τοῦ ἐξαγαγόντος σε ἐκ γῆς αἰγύπτου τοῦ λυτρωσαμένου σε ἐκ τῆς δουλείας ἐξώσασαί σε ἐκ τῆς ὁδοῦ ἧς ἐνετείλατό σοι κύριος ὁ θεός σου πορεύεσθαι ἐν αὐτῇ καὶ ἀφανιεῖς τὸν πονηρὸν ἐξ ὑμῶν αὐτῶν
- 7 youn nan bondye lòt moun k'ap viv ansanm avèk nou sou latè, kit yo toupre nou, kit yo byen lwen nou,
Gods of the peoples round about you, near or far, from one end of the earth to the other;
ἐὰν δὲ παρακαλέσῃ σε ὁ ἀδελφός σου ἐκ πατρός σου ἢ ἐκ μητρός σου ἢ ὁ υἱός σου ἢ ἡ θυγάτηρ σου ἢ ἡ γυνὴ ἢ ἐν κόλπῳ σου ἢ ὁ φίλος ὁ ἴσος τῆς ψυχῆς σου λάθρα λέγων βαδίσωμεν καὶ λατρεύσωμεν θεοῖς ἑτέροις οὓς οὐκ ᾔδεις σὺ καὶ οἱ πατέρες σου
- 8 pa janm tonbe dakò avèk li. Pa koute sa l'ap di nou. Se pou nou san pitye pou li. Pa chache pwoteje li, pa chache kouvri anyen pou li.
Do not be guided by him or give attention to him; have no pity on him or mercy, and give him no cover;
ἀπὸ τῶν θεῶν τῶν ἐθνῶν τῶν περικύκλω ὑμῶν τῶν ἐγγιζόντων σοι ἢ τῶν μακρὰν ἀπὸ σοῦ ἀπ' ἄκρου τῆς γῆς ἕως ἄκρου τῆς γῆς
- 9 Okontrè, se pou nou touye l'. Premye moun ki pou leve men sou li pou touye l' ak koutwòch se va nou menm. Apre sa, n'a kite lòt moun vin ede nou touye l'.
But put him to death without question; let your hand be the first stretched out against him to put him to death, and then the hands of all the people.
οὐ συνθελήσεις αὐτῷ καὶ οὐκ εἰσακούσῃ αὐτοῦ καὶ οὐ φείσεται ὁ ὀφθαλμός σου ἐπ' αὐτῷ οὐκ ἐπιποθήσεις ἐπ' αὐτῷ οὐδ' οὐ μὴ σκεπάσῃς αὐτόν
- 10 N'a kalonnen l' wòch jouk li mouri, paske li te vle fè nou vire do bay Seyè a, Bondye nou an, li menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te nan esklavaj la.
Let him be stoned with stones till he is dead; because it was his purpose to make you false to the Lord your God, who took you out of the land of Egypt, out of the prison-house.
ἀναγγέλλων ἀναγγελεῖς περὶ αὐτοῦ αἱ χεῖρές σου ἔσονται ἐπ' αὐτὸν ἐν πρώτοις ἀποκτεῖναι αὐτόν καὶ αἱ χεῖρες παντὸς τοῦ λαοῦ ἐπ' ἐσχάτῳ
- 11 Lè sa a, tout moun pèp Izrayèl yo va konn sa, y'a pè. Konsa, yo youn p'ap janm fè youn bagay mal konsa ankò nan mitan pèp la.
And all Israel, hearing of it, will be full of fear, and no one will again do such evil as this among you.
καὶ λιθοβολήσουσιν αὐτὸν ἐν λίθοις καὶ ἀποθάνεται ὅτι ἐζήτησεν ἀποστησαί σε ἀπὸ κυρίου τοῦ θεοῦ σου τοῦ ἐξαγαγόντος σε ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐξ οἴκου δουλείας
- 12 ¶ Si nou vin tande y'ap di nan youn nan lavil Seyè a ban nou pou nou rete yo,
And if word comes to you, in one of the towns which the Lord your God is giving you for your resting-place,
καὶ πᾶς ἰσραηλ ἀκούσας φοβηθήσεται καὶ οὐ προσθήσουσιν ἔτι ποιῆσαι κατὰ τὸ ῥῆμα τὸ πονηρὸν τοῦτο ἐν ὑμῖν
- 13 gen kèk moun, kèk vòryen, moun menm ras ak nou ki te pran tèt moun k'ap viv nan lavil sa a pou fè yo al sèvi lòt bondye nou pa janm konnen,
That good-for-nothing persons have gone out from among you, turning the people of their town from the right way and saying, Let us go and give worship to other gods, of whom you have no knowledge;
 καταστήσει σε κύριος ὁ θεός σου εἰς κεφαλὴν και μὴ εἰς οὐράν και ἔση τότε ἐπάνω και οὐκ ἔση ὑποκάτω ἐὰν ἀκούσης τῶν ἐντολῶν κυρίου τοῦ θεοῦ σου ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι σοι σήμερον φυλάσσειν καὶ ποιεῖν
- 14 **san nou pa janm kite chemen li mete devan nou an pou n' ale dèyè lòt bondye pou nou sèvi yo.**
Not turning away from any of the orders which I give you today, to the right hand or to the left, or going after any other gods to give them worship.
 οὐ παραβήση ἀπὸ πάντων τῶν λόγων ὧν ἐγὼ ἐντέλλομαι σοι σήμερον δεξιᾷ οὐδὲ ἀριστερᾷ πορεύεσθαί ὀπίσω θεῶν ἑτέρων λατρεύειν αὐτοῖς

- 15 ¶ Men tou, si nou pa koute Seyè a, Bondye nou an, si nou pa fè tou sa mwen ban nou lòd fè jòdi a, si nou pa swiv regleman mwen ban nou yo, men madichon l'ap ban nou epi k'ap tonbe sou nou:
But if you do not give ear to the voice of the Lord your God, and take care to do all his orders and his laws which I give you today, then all these curses will come on you and overtake you:
 και ἔσται ἐὰν μὴ εἰσακούσης τῆς φωνῆς κυρίου τοῦ θεοῦ σου φυλάσσειν καὶ ποιεῖν πάσας τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον καὶ ἐλεύσονται ἐπὶ σὲ πάντα αἱ κατάραι αὐται καὶ καταλήμψονται σε
- 16 Madichon Bondye va tonbe sou nou nan lavil kou andeyò.
You will be cursed in the town and cursed in the field.
 ἐπικατάρατος σὺ ἐν πόλει καὶ ἐπικατάρατος σὺ ἐν ἀγρῷ
- 17 Madichon Bondye va tonbe sou rekòt ble nou ak sou rekòt farin nou.
A curse will be on your basket and on your bread-basin.
 ἐπικατάραι αἱ ἀποθήκαι σου καὶ τὰ ἐγκαταλείμματά σου
- 18 Madichon Bondye va tonbe sou pitit nou yo, sou rekòt jaden nou yo, sou pòte bèf, pòte kabrit ak pòte mouton nou yo.
A curse will be on the fruit of your body, and on the fruit of your land, on the increase of your cattle, and the young of your flock.
 ἐπικατάραι τὰ ἔκγονα τῆς κοιλίας σου καὶ τὰ γνήμια τῆς γῆς σου τὰ βουκόλια τῶν βοῶν σου καὶ τὰ ποιμνία τῶν προβάτων σου
- 19 Madichon Bondye va tonbe sou tou sa n'ap fè, depi nan mete men jouk nou bout.
You will be cursed when you come in and cursed when you go out.
 ἐπικατάρατος σὺ ἐν τῷ ἐκπορεύεσθαί σε καὶ ἐπικατάρατος σὺ ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαί σε
- 20 Si nou fè bagay ki mal, si nou vire do bay Seyè a, l'ap voye tout kalite madichon sou nou: Nou p'ap konn sa pou n' fè, n'a gen kè sere nan tou sa n'ap fè jouk n'a rete konsa n'a fin disparèt nèt, paske nou te fè bagay ki mal, nou te vire do ba li.
The Lord will send on you cursing and trouble and punishment in everything to which you put your hand, till sudden destruction overtakes you; because of your evil ways in which you have been false to me.
 ἐξαποστείλει κύριος σοὶ τὴν ἔνδειαν καὶ τὴν ἐκλιμίαν καὶ τὴν ἀνάλωσιν ἐπὶ πάντα ὃ ἂν ἐπιβάλῃς τὴν χεῖρά σου ὅσα ἐὰν ποιήσης ἕως ἂν ἐξολεθρεύῃ σε καὶ ἕως ἂν ἀπολέσῃ σε ἐν τάχει διὰ τὰ πονηρὰ ἐπιτηδεύματά σου διότι ἐγκατέλιπές με
- 21 Seyè a ap voye yon sèl move maladi po k'ap fini nèt ak nou nan peyi nou pral pran pou nou an.
The Lord will send disease after disease on you, till you have been cut off by death from the land to which you are going.
 προσκολλησάσθαι κύριος εἰς σὲ τὸν θάνατον ἕως ἂν ἐξαναλώσῃ σε ἀπὸ τῆς γῆς εἰς ἣν σὺ εἰσπορεύῃ ἐκεῖ κληρονομησάσθαι αὐτήν
- 22 L'ap voye sou nou epidemí, move lafyèb, maladi anfle, chalè pou toufe moun, jouk n'a mourí. L'a voye chechrès, vèmen ak pichon pou detwi rekòt nou yo. Malè sa yo va tonbe sou nou jouk n'a fin disparèt nèt.
The Lord will send wasting disease, and burning pain, and flaming heat against you, keeping back the rain till your land is waste and dead; so will it be till your destruction is complete.
 πατάξαι σε κύριος ἀπορία καὶ πυρετῷ καὶ ρίγει καὶ ἐρεθισμῷ καὶ φόνῳ καὶ ἀνεμοφορία καὶ τῇ ὄχρᾳ καὶ καταδιώξονται σε ἕως ἂν ἀπολέσωσίν σε
- 23 Syèl la p'ap bay yon degout lapli menm. Tè a va vin di kou wòch.
And the heaven over your heads will be brass, and the earth under you hard as iron.
 και ἔσται σοὶ ὁ οὐρανὸς ὁ ὑπὲρ κεφαλῆς σου χαλκοῦς καὶ ἡ γῆ ἡ ὑποκάτω σου σιδηρᾶ
- 24 Nan plas lapli, Seyè a va fè pousyè tè ak sab kouvri nou jouk nou mourí.
The Lord will make the rain of your land powder and dust, sending it down on you from heaven till your destruction is complete.
 δόψη κύριος τὸν ὑέτων τῆ γῆ σου κονιορτόν καὶ χοῦς ἐκ τοῦ οὐρανοῦ καταβήσεται ἐπὶ σὲ ἕως ἂν ἐκτρίψῃ σε καὶ ἕως ἂν ἀπολέσῃ σε
- 25 L'a fè lènmi nou yo bat nou. N'a pran yon sèl chemen ansanm pou n' atake yo. Men, n'a gaye toupatou lè n'a pran rak devan yo. Tout moun sou latè pral mete men nan tèt lè y'a wè sa ki rive nou.
The Lord will let you be overcome by your haters: you will go out against them one way, and you will go in flight before them seven ways: you will be the cause of fear among all the kingdoms of the earth.
 δόψη σε κύριος ἐπικοπήν ἐναντίον τῶν ἐχθρῶν σου ἐν ὁδῷ μιᾷ ἐξελεύσῃ πρὸς αὐτοὺς καὶ ἐν ἐπτὰ ὁδοῖς φεύξῃ ἀπὸ προσώπου αὐτῶν καὶ ἔσῃ ἐν διασπορᾷ ἐν πάσαις ταῖς βασιλείαις τῆς γῆς
- 26 Lè n'a mourí, se zwazo ak bèt nan bwa ki pral manje kadav nou yo san p'ap gen pesonn pou poue yo ale.
Your bodies will be meat for all the birds of the air and the beasts of the earth; there will be no one to send them away.
 και ἔσονται οἱ νεκροὶ ὑμῶν κατὰβρωμα τοῖς πετεινοῖς τοῦ οὐρανοῦ καὶ τοῖς θηρίοις τῆς γῆς καὶ οὐκ ἔσται ὁ ἀποσοβῶν

- 27 Seyè a va fè bouton leve sou tout kò nou, menm jan li te fè moun peyi Lejip yo, n'a gen apse, lagal, pyas, epi nou p'ap ka jwenn gerizon pou maladi po sa yo.
The Lord will send on you the disease of Egypt, and other sorts of skin diseases which nothing will make well.
 πατάξει σε κύριος ἐν ἔλκει αἰγυπτίῳ ἐν ταῖς ἔδραις καὶ ψόρα ἀγρία καὶ κνήφη ὥστε μὴ δύνασθαι σε ἰαθῆναι
- 28 Seyè a va fè nou pèdi tèt nou, nou p'ap konprann sa n'ap fè, nou p'ap konnen kote pou n' mete kò nou.
He will make your minds diseased, and your eyes blind, and your hearts wasted with fear:
 πατάξει σε κύριος παραπληξία καὶ ἄρασιὰ καὶ ἐκστάσει διανοίας
- 29 Gwo midi, n'a tatonnen tankou avèg k'ap mache nan fènwa. Nou p'ap jwenn rannman nan ankenn travay n'ap fè. Tout tan moun ap malmennen nou, y'ap vòlè nou, lèfini p'ap gen pesonn pou pote nou sekou.
You will go feeling your way when the sun is high, like a blind man for whom all is dark, and nothing will go well for you: you will be crushed and made poor for ever, and you will have no saviour.
 καὶ ἔση ψηλαφῶν μεσημβρίας ὥσει ψηλαφήσαι ὁ τυφλὸς ἐν τῷ σκοτεινῷ καὶ οὐκ εὐδοώσει τὰς ὁδοὺς σου καὶ ἔση τότε ἀδικούμενος καὶ διαρπαζόμενος πάσας τὰς ἡμέρας καὶ οὐκ ἔσται σοὶ ὁ βοηθῶν
- 30 N'a fyanse ak yon fi, men se yon lòt gason ki va kouche ak li. N'a bati yon kay, men nou p'ap janm rete ladan l'. N'a plante yon jaden rezen, men nou p'ap janm jwi l'.
You will take a wife, but another man will have the use of her: the house which your hands have made will never be your resting-place: you will make a vine-garden, and never take the fruit of it.
 γυναῖκα λήμψη καὶ ἄνηρ ἕτερος ἔξει αὐτήν οἰκίαν οἰκοδομήσεις καὶ οὐκ οἰκήσεις ἐν αὐτῇ ἀμπελῶνα φυτεύσεις καὶ οὐ τρυγήσεις αὐτόν
- 31 Y'a touye bèf nou yo la devan je nou, men nou p'ap ka mete yon ti moso nan vyann li nan bouch nou. Y'ap pran bourik nou nan bab nou al avè l', yo p'ap janm renmèt nou li. Y'a bay lènmi nou yo tout mouton nou yo, epi p'ap gen pesonn pou pote nou sekou.
Your ox will be put to death before your eyes, but its flesh will not be your food: your ass will be violently taken away before your face, and will not be given back to you: your sheep will be given to your haters, and there will be no saviour for you.
 ὁ μόσχος σου ἐσφαγμένος ἐναντίον σου καὶ οὐ φάγη ἐξ αὐτοῦ ὁ ὄνος σου ἠρπασμένος ἀπὸ σοῦ καὶ οὐκ ἀποδοθήσεται σοὶ τὰ πρόβατά σου δεδομένα τοῖς ἐχθροῖς σου καὶ οὐκ ἔσται σοὶ ὁ βοηθῶν
- 32 N'a wè ak je nou y'ap pran pitit gason ak pitit fi nou yo bay moun lòt nasyon. Tout lè n'a anvè wè yo ankò, men p'ap gen anyen nou ka fè pou sa.
Your sons and your daughters will be given to another people, and your eyes will be wasted away with looking and weeping for them all the day: and you will have no power to do anything.
 οἱ υἱοὶ σου καὶ αἱ θυγατέρες σου δεδομένα ἔθνη ἐτέρω καὶ οἱ ὀφθαλμοὶ σου βλέψονται σφακελίζοντες εἰς αὐτά καὶ οὐκ ἰσχύσει ἡ χεὶρ σου
- 33 Moun nou pa janm konnen va manje tou sa ki nan jaden nou ak tout pwofi travay nou. Se tout tan y'a malmennen nou, y'a maltrete nou.
The fruit of your land and all the work of your hands will be food for a nation which is strange to you and to your fathers; you will only be crushed down and kept under for ever:
 τὰ ἐκφόρια τῆς γῆς σου καὶ πάντας τοὺς πόνους σου φάγεται ἔθνος ὃ οὐκ ἐπίστασαι καὶ ἔση ἀδικούμενος καὶ τεθραυσμένος πάσας τὰς ἡμέρας
- 34 Lè n'a wè tout bagay sa yo rive nou, n'a pèdi tèt nou!
So that the things which your eyes have to see will send you out of your minds.
 καὶ ἔση παράπληκτος διὰ τὰ ὄραματα τῶν ὀφθαλμῶν σου ἃ βλέψη
- 35 Seyè a va ban nou yon sèl malennng nan jenou ak sou kwis janm nou ki p'ap janm geri. Bouton ap parèt sou tout kò nou, depi nan pye jouk nan tèt.
The Lord will send a skin disease, attacking your knees and your legs, bursting out from your feet to the top of your head, so that nothing will make you well.
 πατάξει σε κύριος ἐν ἔλκει πονηρῷ ἐπὶ τὰ γόνατα καὶ ἐπὶ τὰς κνήμας ὥστε μὴ δύνασθαι σε ἰαθῆναι ἀπὸ ἵχνους τῶν ποδῶν σου ἕως τῆς κορυφῆς σου
- 36 Seyè a pral depòte nou ansann ak tout wa nou te mete alatèt nou, nan yon peyi etranje ni nou menm ni zansèt nou yo pa t' janm konnen. Lè n'a rive la, n'a sèvi zidòl fèt an bwa ak zidòl fèt ak wòch.
And you, and the king whom you have put over you, will the Lord take away to a nation strange to you and to your fathers; there you will be servants to other gods of wood and stone.
 ἀπαγάγοι κύριος σε καὶ τοὺς ἄρχοντας σου οὓς ἂν καταστήσης ἐπὶ σεαυτὸν εἰς ἔθνος ὃ οὐκ ἐπίστασαι σὺ καὶ οἱ πατέρες σου καὶ λατρεύσεις ἐκεῖ θεοὺς ἑτέροις ξύλοις καὶ λίθοις
- 37 Nan tout peyi kote Seyè a pral gaye nou yo, moun pral sezi wè sa ki rive nou, y'a pase nou anba kont betiz, y'a fè chante sou nou.
And you will become a wonder and a name of shame among all the nations where the Lord will take you.
 καὶ ἔση ἐκεῖ ἐν αἰνίγματι καὶ παραβολῇ καὶ διηγίματι ἐν πᾶσιν τοῖς ἔθνεσιν εἰς οὓς ἂν ἀπαγάγη σε κύριος ἐκεῖ
- 38 N'a plante anpil grenn nan jaden nou, men n'a rekòlte yon ti kras, paske krikèt va manje pifò.
You will take much seed out into the field, and get little in; for the locust will get it.
 σπέρμα πολλὸ ἐξοίσεις εἰς τὸ πεδῖον καὶ ὀλίγα εἰσοίσεις ὅτι κατέδεται αὐτὰ ἡ ἀκρίς
- 39 N'a plante jaden rezen, n'a okipe yo byen. Men, nou p'ap jwenn rezen ni pou nou rekòlte, ni pou fè diven pou nou bwè, paske vèmen va fin manje tout.
You will put in vines and take care of them, but you will get no wine or grapes from them; for they will be food for worms.
 ἀμπελῶνα φυτεύσεις καὶ κατεργᾷ καὶ οἶνον οὐ πίσεις οὐδὲ εὐφρανθήσῃ ἐξ αὐτοῦ ὅτι καταφάγεται αὐτὰ ὁ σκόληξ

- 40 **Pye oliv va pouse toupatou nan peyi nou an, men nou p'ap gen yon ti degout lwil oliv, paske tout grenn oliv yo ap koule.**
Your land will be full of olive-trees, but there will be no oil for the comfort of your body; for your olive-tree will give no fruit.
ἐλαῖαι ἔσονται σοὶ ἐν πᾶσι τοῖς ὀρίοις σου καὶ ἔλαιον οὐ χρίσις ὅτι ἐκρῆσεται ἡ ἐλαία σου
- 41 **N'a fè pitit fi ak pitit gason, men yo p'ap pou nou, paske lènmi nou yo ap fè yo prizonnye, y'ap depòte yo.**
You will have sons and daughters, but they will not be yours; for they will go away prisoners into a strange land.
υἱοὺς καὶ θυγατέρας γεννήσεις καὶ οὐκ ἔσονται σοὶ ἀπελεύσονται γὰρ ἐν αἰχμαλωσίᾳ
- 42 **Krikèt pral manje tout pyebwa nou yo ak tout ti plant ki nan jaden nou yo.**
All your trees and the fruit of your land will be the locust's.
πάντα τὰ ξύλινά σου καὶ τὰ γενήματα τῆς γῆς σου ἐξαναλώσει ἡ ἐρουσίβη
- 43 **Moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou va vin pi fò pase nou. Nou menm, chak jou, n'a pèdi fil.**
The man from a strange land who is living among you will be lifted up higher and higher over you, while you go down lower and lower.
ὁ προσήλυτος ὃς ἐστὶν ἐν σοὶ ἀναβήσεται ἐπὶ σὲ ἄνω ἄνω σὺ δὲ καταβήσῃ κάτω κάτω
- 44 **Se yo menm ki va gen lajan pou yo prete nou. Nou menm nou p'ap gen anyen pou n' prete yo. Se yo ki va devan, nou menm nou pral dèyè nèt.**
He will let you have his wealth at interest, and will have no need of yours: he will be the head and you the tail.
οὗτος δανιεῖ σοὶ σὺ δὲ τούτῳ οὐ δανιεῖς οὗτος ἔσται κεφαλὴ σὺ δὲ ἔση οὐρά
- 45 **¶ Tout giyon sa yo va tonbe sou nou. Kote nou pase y'a pase dèyè nou. Y'a rete sou nou jouk y'a fini nèt ak nou. Tou sa, paske nou pa t' koute sa Seyè a, Bondye nou an, di nou, nou pa t' fè tou sa li te mande nou fè nan lòd ak regleman li te ban nou yo.**
And all these curses will come after you and overtake you, till your destruction is complete; because you did not give ear to the voice of the Lord your God, or keep his laws and his orders which he gave you:
καὶ ἐλεύσονται ἐπὶ σὲ πᾶσαι αἱ κατάραι αὗται καὶ καταδιώξονται σε καὶ καταλήμψονται σε ἕως ἄν ἐξολεθρεύσῃ σε καὶ ἕως ἄν ἀπολέσῃ σε ὅτι οὐκ εἰσήκουσας τῆς φωνῆς κυρίου τοῦ θεοῦ σου φυλάξαι τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ καὶ τὰ δικαιώματα αὐτοῦ ὅσα ἐνετείλατό σοι
- 46 **Madichon sa yo va sèvi ni pou nou ni pou pitit nou yo pou moutre nou kalite mènèy ak mirak Bondye ka fè.**
These things will come on you and on your seed, to be a sign and a wonder for ever;
καὶ ἔσται ἐν σοὶ σημεῖα καὶ τέρατα καὶ ἐν τῷ σπέρματί σου ἕως τοῦ αἰῶνος
- 47 **Bondye te ban nou tou sa nou te bezwen. Men malgre sa, nou pa t' sèvi l' tout bon ak kè kontan.**
Because you did not give honour to the Lord your God, worshipping him gladly, with joy in your hearts on account of all your wealth of good things;
ἀνθ' ὧν οὐκ ἐλάτρευσας κυρίῳ τῷ θεῷ σου ἐν εὐφροσύνῃ καὶ ἀγαθῇ καρδίᾳ διὰ τὸ πλεῖθος πάντων
- 48 **Se poutèt sa, nou pral sèvi lènmi Seyè a pral voye sou nou. Nou pral soufri grangou, swaf dlo, toutouni, dizèt ak tout kalite mizè. Seyè a pral fè lènmi yo kraze nou anba men yo, jouk y'a fini nèt ak nou.**
For this cause you will become servants to those whom the Lord your God will send against you, without food and drink and clothing, and in need of all things: and he will put a yoke of iron on your neck till he has put an end to you.
καὶ λατρεύσεις τοῖς ἐχθροῖς σου οὐδὲ ἐπαποστελεῖ κύριος ἐπὶ σὲ ἐν λιμῷ καὶ ἐν δίψει καὶ ἐν γυμνότητι καὶ ἐν ἐκλείψει πάντων καὶ ἐπιθήσει κλοιὸν σιδηροῦν ἐπὶ τὸν τράχηλόν σου ἕως ἄν ἐξολεθρεύσῃ σε
- 49 **Seyè a pral mennen yon nasyon soti byen lwen nan dènnye bout latè, yon nasyon ki pale lang nou p'ap konprann, yo pral vare sou nou tankou malfini sou poul.**
The Lord will send a nation against you from the farthest ends of the earth, coming with the flight of an eagle; a nation whose language is strange to you;
ἐπάξει κύριος ἐπὶ σὲ ἔθνος μακρόθεν ἀπ' ἐσχάτου τῆς γῆς ὅσπερ ὄρνιθον ἀετοῦ ἔθνος δὲ οὐκ ἀκούσῃ τῆς φωνῆς αὐτοῦ
- 50 **Se moun ki gen kè di. Yo p'ap respekte vye granmoun, ni yo p'ap gen pitye pou timoun.**
A hard-faced nation, who will have no respect for the old or mercy for the young:
ἔθνος ἀναιδὲς προσώπῳ ὅστις οὐ θαυμάσει πρόσωπον πρεσβύτου καὶ νέον οὐκ ἐλεήσει
- 51 **Y'a manje pwofi bèt nou yo, ak rekòt jaden nou yo jouk y'a kite nou mouri grangou. Yo p'ap kite anyen pou nou, ni farin, ni diven, ni lwil, ni pòte bèf nou yo ni pòte mouton nou yo, jouk y'a fini nèt ak nou.**
He will take the fruit of your cattle and of your land till death puts an end to you: he will let you have nothing of your grain or wine or oil or any of the increase of your cattle or the young of your flock, till he has made your destruction complete.
καὶ κατέδετα τὰ ἐκγονα τῶν κτηνῶν σου καὶ τὰ γενήματα τῆς γῆς σου ὥστε μὴ καταλιπεῖν σοὶ σίτον οἶνον ἔλαιον τὰ βουκόλια τῶν βοῶν σου καὶ τὰ ποιμνία τῶν προβάτων σου ἕως ἄν ἀπολέσῃ σε

- 52 Y'a atake nou. Y'a sènen tout lavil nou yo, jouk y'a fin kraze gwo miray byen wo ki te sèvi nou ranpa, miray nou te kwè ki ta ka toujou pwoteje nou yo. Wi, y'a fèmen nou, y'a sènen tout lavil nou yo, toupatou nan peyi Seyè a, Bondye nou an, te fè nou kado a.
Your towns will be shut in by his armies, till your high walls, in which you put your faith, have come down: his armies will be round your towns, through all your land which the Lord your God has given you.
καὶ ἐκτρίψῃ σε ἐν πάσαις ταῖς πόλεσίν σου ἕως ἂν καθαιρεθῶσιν τὰ τείχη σου τὰ ὑψηλὰ καὶ τὰ ὀχυρά ἐφ' οἷς σὺ πέποιθας ἐπ' αὐτοῖς ἐν πάσῃ τῇ γῆ σου καὶ θλίψει σε ἐν πάσαις ταῖς πόλεσίν σου αἷς ἕδωκέν σοι κύριος ὁ θεός σου
- 53 Lè lènmi nou yo va sènen nou nan lavil nou yo, y'a mete nou nan yon sèl kalite mizè ak kè sere, n'a sitèlman grangou, n'a manje pwòp pitit nou yo, pitit gason ak pitit fi Seyè a, Bondye nou an, te ban nou.
And your food will be the fruit of your body, the flesh of the sons and daughters which the Lord your God has given you; because of your bitter need and the cruel grip of your haters.
καὶ φάγῃ τὰ ἔκγονα τῆς κοιλίας σου κρέα υἱῶν σου καὶ θυγατέρων σου ὅσα ἕδωκέν σοι κύριος ὁ θεός σου ἐν τῇ στενοχωρίᾳ σου καὶ ἐν τῇ θλίψει σου ἣ θλίψει σε ὁ ἐχθρός σου
- 54 Menm moun nou konnen ki pi bon nan mitan nou an, moun ki pa janm nan kont ak pesonn lan, enben menm li menm, l'a fèmen kè l', li p'ap konn frè, li p'ap konn madanm li te renmen an, ni ankenn pitit nan sa ki rete l' yo,
That man among you who is soft and used to comfort will be hard and cruel to his brother, and to his dear wife, and to of those his children who are still living;
ὁ ἀπαλδὸς ἐν σοὶ καὶ ὁ τρυφερὸς σφόδρα βασκανεῖ τῷ ὀφθαλμῷ τὸν ἀδελφὸν καὶ τὴν γυναῖκα τὴν ἐν τῷ κόλπῳ αὐτοῦ καὶ τὰ καταλειμμένα τέκνα ἃ ἂν καταλειφθῇ
- 55 pou li pa bay pesonn nan vyann pitit li l'ap manje a, paske ak lènmi k'ap sènen nou nan lavil nou yo, ap gen yon sèl mizè ak kè sere nan mitan lavil nou yo, ata li menm, l'a sitèlman grangou, l'a blije manje pwòp pitit li, epì li p'ap bay pesonn ladan l'.
And will not give to any of them the flesh of his children which will be his food because he has no other; in the cruel grip of your haters on all your towns.
ὥστε δοῦναι ἐνὶ αὐτῶν ἀπὸ τῶν σαρκῶν τῶν τέκνων αὐτοῦ ὧν ἂν κατέσθῃ διὰ τὸ μὴ καταλειφθῆναι αὐτῷ μηθὲν ἐν τῇ στενοχωρίᾳ σου καὶ ἐν τῇ θλίψει σου ἣ ἂν θλίψωσίν σε οἱ ἐχθροὶ σου ἐν πάσαις ταῖς πόλεσίν σου
- 56 Menm fanm nou konnen ki pi bon moun nan mitan nou an, fanm ki pa ta janm ap mache nan lari tèlman li gen bon jan ak bon levasyon an, li va fèmen kè l', li p'ap konn ni mari li renmen anpil la, ni pitit fi, ni pitit gason.
The most soft and delicate of your women, who would not so much as put her foot on the earth, so delicate is she, will be hard-hearted to her husband and to her son and to her daughter;
καὶ ἡ ἀπαλὴ ἐν ὑμῖν καὶ ἡ τρυφερὰ σφόδρα ἣς οὐχὶ πείραν ἔλαβεν ὁ ποὺς αὐτῆς βαίνειν ἐπὶ τῆς γῆς διὰ τὴν τρυφερότητα καὶ διὰ τὴν ἀπαλότητα βασκανεῖ τῷ ὀφθαλμῷ αὐτῆς τὸν ἄνδρα αὐτῆς τὸν ἐν τῷ κόλπῳ αὐτῆς καὶ τὸν υἱὸν καὶ τὴν θυγατέρα αὐτῆς
- 57 Pou li pa separe ak yo, l'a kache kò l' pou yo pa wè l' lè l'ap manje pitit li fenk fè a, ansanm ak tout manman vant lan. Paske, avèk lènmi k'ap sènen nou nan lavil nou yo, ap gen yon sèl mizè ak kè sere, p'ap gen anyen pou manje. Lè sa a, l'a kache kò l' pou l' pa bay yo anyen nan sa l'ap manje a.
And to her baby newly come to birth, and to the children of her body; for having no other food, she will make a meal of them secretly, because of her bitter need and the cruel grip of your haters on all your towns.
καὶ τὸ χόριον αὐτῆς τὸ ἐξεληθὸν διὰ τῶν μηρῶν αὐτῆς καὶ τὸ τέκνον ὃ ἂν τέκη καταφάγεται γὰρ αὐτὰ διὰ τὴν ἔνδειαν πάντων κρυφῇ ἐν τῇ στενοχωρίᾳ σου καὶ ἐν τῇ θλίψει σου ἣ θλίψει σε ὁ ἐχθρός σου ἐν πάσαις ταῖς πόλεσίν σου
- 58 Si nou pa swiv tout regleman ki ekri nan liv lalwa sa a, si nou pa gen krentif pou Bondye nou an, Seyè ki gen anpil pouwva a, Bondye moun fèt pou respekte a,
If you will not take care to do all the words of this law, recorded in this book, honouring that name of glory and of fear, THE LORD YOUR GOD;
ἐὰν μὴ εἰσακούσητε ποιεῖν πάντα τὰ ρήματα τοῦ νόμου τούτου τὰ γεγραμμένα ἐν τῷ βιβλίῳ τούτῳ φοβεῖσθαι τὸ ὄνομα τὸ ἔντιμον καὶ τὸ θαυμαστὸν τοῦτο κύριον τὸν θεόν σου
- 59 Seyè a va voye gwo malè sa yo sou nou ak sou pitit nou yo, l'a voye gwo epidemik ki pa tandè rete, move maladi ki pa konn renmèd.
Then the Lord your God will make your punishment, and the punishment of your seed, a thing to be wondered at; great punishments and cruel diseases stretching on through long years.
καὶ παραδοξάσει κύριος τὰς πληγὰς σου καὶ τὰς πληγὰς τοῦ σπέρματός σου πληγὰς μεγάλας καὶ θαυμαστάς καὶ νόσους πονηρὰς καὶ πιστὰς
- 60 L'a voye sou nou ankò tout malè ki te tonbe sou moun peyi Lejip yo, malè ki te fè nou tranble yo. Nou p'ap janm ka sotì anba yo.
He will send on you again all the diseases of Egypt, which were a cause of fear to you, and they will take you in their grip.
καὶ ἐπιστρέψει ἐπὶ σέ πᾶσαν τὴν ὀδύνην αἰγύπτου τὴν πονηρὰν ἣν διευλαβοῦ ἀπὸ προσώπου αὐτῶν καὶ κολληθήσονται ἐν σοὶ
- 61 Sa ki pi rèd ankò, Seyè a va voye sou nou tout kalite epidemik ak maladi yo pa pale nan liv lalwa Seyè a jouk la fini nèt avèk nou.
And all the diseases and the pains not recorded in the book of this law will the Lord send on you till your destruction is complete.
καὶ πᾶσαν μαλακίαν καὶ πᾶσαν πληγὴν τὴν μὴ γεγραμμένην ἐν τῷ βιβλίῳ τοῦ νόμου τούτου ἐπάξει κύριος ἐπὶ σέ ἕως ἂν ἐξολεθρεύσῃ σε
- 62 Epì nou menm, moun pèp Izrayèl yo, ki te anpil tankou zetwal ki nan syèl la, n'a tounen yon ti ponyen moun, paske nou pa t' koute sa Seyè a, Bondye nou an, te di nou.
And you will become a very small band, though your numbers were like the stars of heaven; because you did not give ear to the voice of the Lord your God.
καὶ καταλειφθήσεσθε ἐν ἀριθμῷ βραχεῖ ἀνθ' ὧν ὅτι ἦτε ὡσεὶ τὰ ἄστρα τοῦ οὐρανοῦ τῷ πληθει ὅτι οὐκ εἰσηκούσατε τῆς φωνῆς κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν

- 63 Menm jan Seyè a, Bondye nou an, te pran plezi pou l' te fè nou byen, pou l' te fè nou vin anpil la, se konsa tou l'a pran plezi pou l' fè nou pèdi tout bagay, pou l' fini nèt ak nou. L'a rache nou met deyò nan peyi kote nou pral antre a, peyi nou pral pran pou nou rete a.
 And as the Lord took delight in doing you good and increasing you, so the Lord will take pleasure in cutting you off and causing your destruction, and you will be uprooted from the land which you are about to take as your heritage.
 και ἔσται ὃν τρόπον εὐφράνθη κύριος ἐφ' ὑμῖν εἰς ποιῆσαι ὑμᾶς και πληθῦναι ὑμᾶς οὕτως εὐφρανθήσεται κύριος ἐφ' ὑμῖν ἐξολεθρεῦσαι ὑμᾶς και ἐξαρθήσεσθε ἀπὸ τῆς γῆς εἰς ἣν ὑμεῖς εἰσπορεύεσθε ἐκεῖ κληρονομήσαι αὐτήν
- 64 Seyè a va gaye nou nan mitan tout nasyon ki toupatou sou latè. Lè n'a rive la, n'a sèvi lòt bondye ni zansèt nou yo, ni nou menm nou pa t' janm tande pale, zidòl fèt an bwa, zidòl fèt ak wòch.
 And the Lord will send you wandering among all peoples, from one end of the earth to the other: there you will be servants to other gods, of wood and stone, gods of which you and your fathers had no knowledge.
 και διασπερεῖ σε κύριος ὁ θεός σου εἰς πάντα τὰ ἔθνη ἀπ' ἄκρου τῆς γῆς ἕως ἄκρου τῆς γῆς και δουλεύσεις ἐκεῖ θεοῖς ἑτέροις ξύλοις και λίθοις οὓς οὐκ ἠπίστω σὺ και οἱ πατέρες σου
- 65 Antan n'ap viv nan mitan lòt nasyon sa yo, nou p'ap janm gen kè poze, nou p'ap janm ka rete yon sèl kote. Seyè a va fè nou viv ak kè sote, nan lapenn ak dekourajman.
 And even among these nations there will be no peace for you, and no rest for your feet: but the Lord will give you there a shaking heart and wasting eyes and weariness of soul:
 ἀλλὰ και ἐν τοῖς ἔθνεσιν ἐκείνοις οὐκ ἀναπαύσει σε οὐδ' οὐ μὴ γένηται στάσις τῷ ἴχνει τοῦ ποδός σου και δώσει σοι κύριος ἐκεῖ καρδίαν ἀθυμοῦσαν και ἐκλείποντας ὀφθαλμούς και τηκομένην ψυχὴν
- 66 Lavi nou ap toujou an danje. Lajounen kou lannwit, n'ap nan laperèz, n'ap pè pou lanmò pa pran nou.
 Your very life will be hanging in doubt before you, and day and night will be dark with fears, and nothing in life will be certain:
 και ἔσται ἡ ζωὴ σου κρεμαμένη ἀπέναντι τῶν ὀφθαλμῶν σου και φοβηθήσῃ ἡμέρας και νυκτὸς και οὐ πιστεύσεις τῇ ζωῇ σου
- 67 Devan bagay n'a wè k'ap pase devan je nou, n'a gen yon sèl laperèz nan kè nou, kè nou va bat bip-bip! Chak maten n'a mande kilè aswè va rive. Chak aswè n'a mande kilè la jou.
 In the morning you will say, If only it was evening! And at evening you will say, If only morning would come! Because of the fear in your hearts and the things which your eyes will see.
 τὸ πρωὶ ἐρεῖς πῶς ἂν γένοιτο ἑσπέρα και τὸ ἑσπέρας ἐρεῖς πῶς ἂν γένοιτο πρωὶ ἀπὸ τοῦ φόβου τῆς καρδίας σου ἃ φοβηθήσῃ και ἀπὸ τῶν ὀραμάτων τῶν ὀφθαλμῶν σου ὧν ὄψῃ
- 68 Seyè a va fè nou tounen nan peyi Lejip nan bato, atout se li menm ki te pwomèt nou pa t'ap janm tounen la ankò. N' aval vann tèt nou bay lènmi nou yo pou nou sèvi yo esklav, men pesonn p'ap vle achte nou.
 And the Lord will take you back to Egypt again in ships, by the way of which I said to you, You will never see it again: there you will be offering yourselves as men-servants and women-servants to your haters for a price, and no man will take you.
 και ἀποστρέψει σε κύριος εἰς αἴγυπτον ἐν πλοίοις και ἐν τῇ ὁδῷ ἣ εἶπα οὐ προσθήσεσθε ἔτι ἰδεῖν αὐτήν και πραθήσεσθε ἐκεῖ τοῖς ἐχθροῖς ὑμῶν εἰς παιδας και παιδίσκας και οὐκ ἔσται ὁ κτόμενος
- 1 ¶ Men pawòl ki te nan kontra Seyè a te bay Moyiz lòd pase ak moun pèp Izrayèl yo, lè yo te nan peyi Moab la. Kontra sa a te vin mete sou kontra li te deja fè ak yo sou Mòn Orèb la.
 These are the words of the agreement which Moses was ordered by the Lord to make with the children of Israel in the land of Moab, in addition to the agreement which he made with them in Horeb.
 και ἐκάλεσεν μουσῆς πάντας τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ και εἶπεν πρὸς αὐτούς ὑμεῖς ἐωράκατε πάντα ὅσα ἐποίησεν κύριος ἐν γῇ αἰγύπτῳ ἐνώπιον ὑμῶν φαραῶ και τοῖς θεράπουσιν αὐτοῦ και πάσῃ τῇ γῇ αὐτὸ οὐ
- 2 Moyiz fè rele tout pèp Izrayèl la, li di yo konsa: -Nou wè ak je nou tou sa Seyè a te fè wa peyi Lejip la, moun ki t'ap travay ak li yo ak tout peyi a.
 And Moses said in the hearing of all Israel, You have seen all the Lord did before your eyes in the land of Egypt to Pharaoh and to all his servants and all his land;
 τοὺς πειρασμούς τοὺς μεγάλους οὓς ἐωράκασιν οἱ ὀφθαλμοὶ σου τὰ σημεῖα και τὰ τέρατα τὰ μεγάλα ἐκεῖνα
- 3 Nou wè ak je nou tout gwo malè li te voye sou yo, tout mirak ak tout mèvèy li te fè.
 The great tests which your eyes saw, and the signs and wonders:
 και οὐκ ἔδωκεν κύριος ὁ θεός ὑμῖν καρδίαν εἰδέναι και ὀφθαλμούς βλέπειν και ὄτα ἀκοῦειν ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 4 Men, jouk koulye a, Seyè a poko louvri lespri nou ase pou nou konprann byen konprann tou sa nou wè ak tou sa nou tande.
 But even to this day the Lord has not given you a mind open to knowledge, or seeing eyes or hearing ears.
 και ἤγαγεν ὑμᾶς τεσσαράκοντα ἔτη ἐν τῇ ἐρήμῳ οὐκ ἐπαλαιώθη τὰ ἱμάτια ὑμῶν και τὰ ὑποδήματα ὑμῶν οὐ κατετρίβη ἀπὸ τῶν ποδῶν ὑμῶν
- 5 Pandan karantan, mwen pran men nou, mwen moutre nou chemen pou nou swiv nan dezè a. Rad sou nou pa t' janm chire, sapat nan pye nou pa t' janm fini.
 For forty years I have been your guide through the waste land: your clothing has not become old on your backs, or your shoes on your feet.
 ἄρτον οὐκ ἐφάγετε οἶνον και σικερα οὐκ ἐπίετε ἵνα γινώτε ὅτι οὕτως κύριος ὁ θεός ὑμῶν
- 6 Nou pa t' gen pen pou nou manje, ni divèn, ni ankenn bwason pou nou bwè, men Seyè a te ban nou tou sa nou bezwen pou n' te ka konnen se li menm, Seyè a, ki Bondye nou an.
 You have had no bread, or wine, or strong drink: so that you might see that I am the Lord your God.
 και ἤλαθετε ἕως τοῦ τόπου τούτου και ἐξῆλθεν σηφον βασιλεύς εσεβον και ωγ βασιλεύς τῆς βασαν εἰς συνάντησιν ἡμῖν ἐν πολέμῳ και ἐπατάξαμεν αὐτούς

- 7 Rive nou rive isit la, Siyon, wa Esbon an ak Og, wa Bazan an, soti vin atake nou. Nou bat yo byen bat.
When you came to this place, Sihon, king of Heshbon, and Og, king of Bashan, came out to make war against us and we overcame them:
 και ἐλάβομεν τὴν γῆν αὐτῶν καὶ ἔδωκα αὐτὴν ἐν κλήρῳ τῷ ρουβην καὶ τῷ γαδδι καὶ τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση
- 8 Nou pran peyi yo a bay moun branch fanmi Woubenn yo, moun branch fanmi Gad yo ansanm ak mwatye nan moun branch fanmi Manase yo pou yo rete.
And we took their land and gave it to the Reubenites and the Gadites and the half-tribe of Manasseh, for their heritage.
 και φυλάξεσθε ποιεῖν πάντας τοὺς λόγους τῆς διαθήκης ταύτης ἵνα συνῆτε πάντα ὅσα ποιήσετε
- 9 N'a kenbe kontra sa a. N'a fè tou sa ki di ladan l' pou nou ka reyisi nan tout sa n'ap fè.
So keep the words of this agreement and do them, so that it may be well for you in everything you do.
 ὁμοίως ἐστήκατε πάντες σήμερον ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν οἱ ἀρχιφυλοὶ ὑμῶν καὶ ἡ γερουσία ὑμῶν καὶ οἱ κριταὶ ὑμῶν καὶ οἱ γραμματοεισαγωγεῖς ὑμῶν πᾶς ἀνὴρ Ἰσραὴλ
- 10 ¶ Jòdi a, men nou tout nou reyini la a devan Seyè a, Bondye nou an, nou menm chèf tout branch fanmi nou yo, tout chèf fanmi nou yo ak tout lòt chèf yo, ak tout lòt gason nan pèp Izrayèl la,
You have come here today, all of you, before the Lord your God; the heads of your tribes, the overseers, and those who are in authority over you, with all the men of Israel,
 αἱ γυναῖκες ὑμῶν καὶ τὰ ἔκγονα ὑμῶν καὶ ὁ προσήλυτος ὁ ἐν μέσῳ τῆς παρεμβολῆς ὑμῶν ἀπὸ ξυλοκόπου ὑμῶν καὶ ἕως ὑδροφόρου ὑμῶν
- 11 tout pitit nou yo, madanm nou yo, tout moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou yo, depi sa k'ap koupe bwa jouk sa ki la pou al chache dlo pou nou,
And your little ones, your wives, and the men of other lands who are with you in your tents, down to the wood-cutter and the servant who gets water for you:
 παρελθεῖν ἐν τῇ διαθήκῃ κυρίου τοῦ θεοῦ σου καὶ ἐν ταῖς ἀραις αὐτοῦ ὅσα κύριος ὁ θεός σου διατίθεται πρὸς σὲ σήμερον
- 12 nou vin pran angajman sou sèman pou nou asepte tout egzijans kontra Seyè a, Bondye nou an, ap pase ak nou jòdi a.
With the purpose of taking part in the agreement of the Lord your God, and his oath which he makes with you today:
 ἵνα στήσῃ σε αὐτῷ εἰς λαόν καὶ αὐτὸς ἔσται σου θεός ὃν τρόπον εἶπέν σοι καὶ ὃν τρόπον ὤμοσεν τοῖς πατράσιν σου ἀβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ ἰακωβ
- 13 Konsa depi jòdi a, se pèp li nou ye, se Bondye pa nou li ye, jan l' te di l' la, jan l' te pwomèt Abraram, Izarak ak Jakòb, zansèt nou yo.
And so that he may make you his people today, and be your God, as he has said to you, and as he made an oath to your fathers, Abraham, Isaac, and Jacob.
 και οὐχ ὑμῖν μόνοις ἐγὼ διατίθεμαι τὴν διαθήκην ταύτην καὶ τὴν ἀράν ταύτην
- 14 Men, se pa avèk nou menm sèlman l' ap pase kontra li te fè nou sèman pou n' kenbe a.
And not with you only do I make this agreement and this oath;
 ἀλλὰ καὶ τοῖς ὄδε οὕσι μεθ' ἡμῶν σήμερον ἐναντίον κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν καὶ τοῖς μὴ οὕσιν μεθ' ἡμῶν ὄδε σήμερον
- 15 Men se pa sèlman ak nou tout ki la jòdi a devan mwen, men tou se avèk tout pitit nou yo ki poko fèt.
But with everyone who is here with us today before the Lord our God, as well as with those who are not here:
 ὅτι ὑμεῖς οἴδατε ὡς κατωκήσαμεν ἐν γῇ αἰγύπτῳ καὶ παρήλθομεν ἐν μέσῳ τῶν ἐθνῶν οὓς παρήλθετε
- 16 Nou konnen byen pwòp ki kalite lavi nou t'ap mennen nan pèyi Lejip la ak ki jan nou te pase nan mitan moun lòt nasyon nou te kontre sou wout nou.
(For you have in mind how we were living in the land of Egypt; and how we came through all the nations which were on your way;
 και εἶδετε τὰ βδελύγματα αὐτῶν καὶ τὰ εἶδωλα αὐτῶν ζύλον καὶ λίθον ἀργύριον καὶ χρυσίον ἃ ἔστιν παρ' αὐτοῖς
- 17 Nou te wè tout vye bagay yo t'ap fè, ak tout zidòl fèt an bwa, osinon ak wòch, osinon an ajan oswa an lò yo te gen lakay yo.
And you have seen their disgusting doings, and the images of wood and stone and silver and gold which were among them:)
 μή τις ἔστιν ἐν ὑμῖν ἀνὴρ ἢ γυνὴ ἢ πατριὰ ἢ φυλὴ τίνος ἢ διάνοια ἐξέκλινεν ἀπὸ κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν πορεύεσθαι λατρεύοντες τοῖς θεοῖς τῶν ἐθνῶν ἐκείνων μή τις ἔστιν ἐν ὑμῖν ῥίζα ἄνω φύουσα ἐν χορτῷ καὶ πικρία
- 18 Piga pesonn nan mitan nou, ni fanm ni gason, nan ankenn fanmi ni branch fanmi pèp la vire do bay Seyè a, Bondye nou an, pou y' al sèvi zidòl moun sa yo. Piga pesonn nan mitan nou tounen youn move grenn k'ap detounen pèp la, k'ap anpwazonnen l'.
So that there may not be among you any man or woman or family or tribe whose heart is turned away from the Lord our God today, to go after other gods and give them worship; or any root among you whose fruit is poison and bitter sorrow;
 και ἔσται ἐὰν ἀκούσῃ τὰ ῥήματα τῆς ἀράς ταύτης καὶ ἐπιφημισθῇ ἐν τῇ καρδίᾳ αὐτοῦ λέγων ὅτι μοι γένοιτο ὅτι ἐν τῇ ἀποπλάνησει τῆς καρδίας μου πορεύσομαι ἵνα μὴ συναπολέσῃ ὁ ἁμαρτωλὸς τὸν ἀναμάρτητον

- 19 Si yon moun, apre li fin tande sa ki di nan kontra a ak tout egzijans ki ladan l' yo, mete nan tèt li se bon li bon, epi li di nan kè l': Koulye a, mwen pa bezwen pè anyen. Mwen gen dwa fè sa m' pi pito, sa ap lakòz nou tout ap mourì, inonsan kou koupab.
If such a man, hearing the words of this oath, takes comfort in the thought that he will have peace even if he goes on in the pride of his heart, taking whatever chance may give him:
οὐ μὴ θελίῃσιν ὁ θεὸς εὐλατεῦσαι αὐτῷ ἀλλ' ἢ τότε ἐκκαυθήσεται ὀργῇ κυρίου καὶ ὁ ζήλος αὐτοῦ ἐν τῷ ἀνθρώπῳ ἐκείνῳ καὶ κολληθήσονται ἐν αὐτῷ πᾶσαι αἱ ἀραὶ τῆς διαθήκης ταύτης αἱ γεγραμμέναι ἐν τῷ βιβλίῳ τοῦ νόμου τούτου καὶ ἐξαλείψει κύριος τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκ τῆς ὑπὸ τὸν οὐρανόν
- 20 Bondye p'ap janm padonnen yon moun konsa. Okontre, Bondye, ki yon Bondye ki fè jalouzi anpil pou moun pa li yo, ap fache yon sèl fache sou nonm sa a, tout madichon ki ekri nan liv sa a pral tonbe sou li. Bondye ap fè non l' disparèt nèt sou latè.
The Lord will have no mercy on him, but the wrath of the Lord will be burning against that man, and all the curses recorded in this book will be waiting for him, and the Lord will take away his name completely from the earth.
καὶ διαστελεῖ αὐτὸν κύριος εἰς κακὰ ἐκ πάντων τῶν υἰῶν Ἰσραὴλ κατὰ πάσας τὰς ἀράς τῆς διαθήκης τὰς γεγραμμένας ἐν τῷ βιβλίῳ τοῦ νόμου τούτου
- 21 Seyè a va wete l' nan mitan rès moun pèp Izrayèl yo, l'a pini l' dapre madichon n'a jwenn nan kontra ki ekri nan liv lalwa Seyè a.
He will be marked out by the Lord, from all the tribes of Israel, for an evil fate, in keeping with all the curses of the agreement recorded in this book of the law.
καὶ ἐροῦσιν ἡ γενεὰ ἡ ἑτέρα οἱ υἱοὶ ἡμῶν οἱ ἀναστήσονται μεθ' ὑμᾶς καὶ ὁ ἀλλότριος ὃς ἂν ἔλθῃ ἐκ γῆς μακρόθεν καὶ ὄψονται τὰς πληγὰς τῆς γῆς ἐκείνης καὶ τὰς νόσους αὐτῆς ἃς ἀπέστειλεν κύριος ἐπ' αὐτήν
- 22 Moun k'ap vin apre nou yo, pitit nou yo k'ap fèt apre nou ansanm ak moun lòt nasyon k'ap soti byen lwen yo, va wè malè ki tonbe sou peyi a ak tout maladi Seyè a voye nan peyi a.
And future generations, your children coming after you, and travellers from far countries, will say, when they see the punishments of that land and the diseases which the Lord has sent on it;
θεῖον καὶ ἄλλα κατακεκαυμένον πᾶσα ἡ γῆ αὐτῆς οὐ σπαρήσεται οὐδὲ ἀνατελεῖ οὐδὲ μὴ ἀναβῆ ἔπ' αὐτήν πᾶν χλωρόν ὥσπερ κατεστράφη σοδομα καὶ γομορρα ἀδαμα καὶ σεβωιμ ἃς κατέστρεψεν κύριος ἐν θυμῷ καὶ ὀργῇ
- 23 Y'a wè tout peyi a kouvri anba souf ak sèl, tout fè a boule. Lè sa a, moun p'ap ka simen anyen nan fè a, ankenn plant p'ap ka pran ladan l'. Pa menm vye zèb p'ap ka pouse. Peyi nou an va tankou lavil Sodòm ak Gomò, tankou lavil Adma ak Siboyen, lavil Seyè a te detwi nèt lè l' te ankòlè a, lè l' te move anpil la.
And that all the land is a salt and smoking waste, not planted or giving fruit or clothed with grass, but wasted like Sodom and Gomorrah, Admah and Zeboiim, on which the Lord sent destruction in the heat of his wrath:
καὶ ἐροῦσιν πάντα τὰ ἔθνη διὰ τί ἐποίησεν κύριος οὕτως τῇ γῆ ταύτῃ τίς ὁ θυμὸς τῆς ὀργῆς ὁ μέγας οὗτος
- 24 Lè sa a, tout moun sou latè va mande: Poukisa Seyè a fè moun sa yo sa? Pouki tout kòlè sa a sou peyi a?
Truly all the nations will say, Why has the Lord done so to this land? what is the reason for this great and burning wrath?
καὶ ἐροῦσιν ὅτι κατέλιπον τὴν διαθήκην κυρίου τοῦ θεοῦ τῶν πατέρων αὐτῶν ἃ διέθετο τοῖς πατράσιν αὐτῶν ὅτε ἐξήγαγεν αὐτοὺς ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 25 Y'a reponn yo: Se paske yo pa t' kenbe kontra Seyè a, Bondye zansèt yo a, kontra li te pase ak yo lè li t'ap fè yo soti kite peyi Lejip la.
Then men will say, Because they gave up the agreement of the Lord, the God of their fathers, which he made with them when he took them out of the land of Egypt:
καὶ πορευθέντες ἐλάτρευσαν θεοῖς ἑτέροις καὶ προσεκύνησαν αὐτοῖς οἷς οὐκ ἠπίσταντο οὐδὲ διένειμεν αὐτοῖς
- 26 Yo leve al sèvi lòt bondye yo pa t' janm konnen anvan. Y' al mete ajenou devan bondye Seyè a pa t' ba yo pou yo sèvi.
And they went after other gods and gave them worship, gods who were strange to them, and whom he had not given them:
καὶ ὀργίσθη θυμῷ κύριος ἐπὶ τὴν γῆν ἐκείνην ἐπαγαγεῖν ἐπ' αὐτήν κατὰ πάσας τὰς κατάραι τὰς γεγραμμένας ἐν τῷ βιβλίῳ τοῦ νόμου τούτου
- 27 Se konsa Seyè a vin fache anpil sou moun peyi sa a. Li sitèlman fache, li fè tout madichon ki ekri nan liv lalwa a tonbe sou yo.
And so the wrath of the Lord was moved against this land, to send on it all the curse recorded in this book:
καὶ ἐξῆρην αὐτοὺς κύριος ἀπὸ τῆς γῆς αὐτῶν ἐν θυμῷ καὶ ὀργῇ καὶ παροξισμῷ μεγάλῳ σφόδρα καὶ ἐξέβαλεν αὐτοὺς εἰς γῆν ἑτέραν ὥσει νῦν
- 28 Seyè a fè kòlè, li move, li fache, li rache yo met deyò nan peyi yo a, l' al jete yo nan yon lòt peyi etranje kote yo ye koulye a.
Rooting them out of their land, in the heat of his wrath and passion, and driving them out into another land, as at this day.
τὰ κρυπτὰ κυρίῳ τῷ θεῷ ἡμῶν τὰ δὲ φανερά ἡμῖν καὶ τοῖς τέκνοις ἡμῶν εἰς τὸν αἰῶνα ποιεῖν πάντα τὰ ῥήματα τοῦ νόμου τούτου
- 1 ¶ Mwen mete benediksyon ak madichon devan nou pou n' chwazi. Lè tout bagay mwen te di nou yo va rive nou, si, antan n'ap viv nan mitan lòt nasyon nan peyi kote Seyè a te gaye nou yo, nou vin chonje sa m' te di nou,
Now when all these things have come on you, the blessing and the curse which I have put before you, if the thought of them comes back to your minds, when you are living among the nations where the Lord your God has sent you,
καὶ ἔσται ὡς ἂν ἔλθωσιν ἐπὶ σὲ πάντα τὰ ῥήματα ταῦτα ἡ εὐλογία καὶ ἡ κατάρα ἣν ἔδωκα πρὸ προσώπου σου καὶ δέξῃ εἰς τὴν καρδίαν σου ἐν πᾶσιν τοῖς ἔθνεσιν οὗ ἑάν σε διασκορπίσῃ κύριος ἐκεῖ

- 2 si nou tounen vin jwenn Seyè a, Bondye nou an, si nou koute l' ak tout kè nou, ak tout nanm nou, nou menm ak tout pitit nou yo, jan m'ap ban nou lòd jòdi a,
And your hearts are turned again to the Lord your God, and you give ear to his word which I give you today, you and your children, with all your heart and with all your soul:
 και επιστραφήση ἐπὶ κύριον τὸν θεόν σου και ὑπακοὴ τῆς φωνῆς αὐτοῦ κατὰ πάντα ὅσα ἐγὼ ἐντέλλομαι σοι σήμερον ἐξ ὅλης τῆς καρδίας σου και ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς σου
- 3 enben, lè sa a Seyè a, Bondye nou an, va gen pitye pou nou. L'a mennen tout moun yo te depòte yo tounen lakay yo. L'a chanje sò nou. Li pral mache chache nou nan tout peyi kote li te gaye nou yo, l'a sanble nou ankò.
Then the Lord will have pity on you, changing your fate, and taking you back again from among all the nations where you have been forced to go.
 και ἰάσεται κύριος τὰς ἀμαρτίας σου και ἐλεήσει σε και πάλιν συνάξει σε ἐκ πάντων τῶν ἐθνῶν εἰς οὓς διεσκόρπισέν σε κύριος ἐκεῖ
- 4 Yo mèt depòte nou jouk nan dènve bout latè, Seyè a, Bondye nou an, pral chache nou jouk la pou l' sanble nou ankò.
Even if those who have been forced out are living in the farthest part of heaven, the Lord your God will go in search of you, and take you back;
 ἐὰν ᾗ ἡ διασπορά σου ἀπ' ἄκρου τοῦ οὐρανοῦ ἕως ἄκρου τοῦ οὐρανοῦ ἐκεῖθεν συνάξει σε κύριος ὁ θεός σου και ἐκεῖθεν λήμψεται σε κύριος ὁ θεός σου
- 5 Seyè a va fè nou tounen nan peyi kote zansèt nou yo te rete a, n'a tounen pran l' pou nou ankò. L'a fè nou plis byen pase sa l' te fè pou zansèt nou yo, l'a fè nou vin pi plis pase zansèt nou yo.
Placing you again in the land of your fathers as your heritage; and he will do you good, increasing you till you are more in number than your fathers were.
 και εἰσάξει σε κύριος ὁ θεός σου εἰς τὴν γῆν ἣν ἐκληρονόμησαν οἱ πατέρες σου και κληρονομήσεις αὐτήν και εὖ σε ποιήσει και πλεοναστόν σε ποιήσει ὑπὲρ τοὺς πατέρας σου
- 6 Seyè a, Bondye nou an, va mete mak kontra li a sou kè nou ak sou kè pitit nou yo, pou nou ka renmen l' ak tout kè nou, ak tout nanm nou, pou nou ka gen lavi.
And the Lord your God will give to you and to your seed a circumcision of the heart, so that, loving him with all your heart and all your soul, you may have life.
 και περικαθαριεῖ κύριος τὴν καρδίαν σου και τὴν καρδίαν τοῦ σπέρματός σου ἀγαπᾶν κύριον τὸν θεόν σου ἐξ ὅλης τῆς καρδίας σου και ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς σου ἵνα ζῆς σὺ
- 7 Seyè a, Bondye nou an, va fè tout madichon sa yo tonbe sou lènmi nou yo, sou moun ki pa t' vle wè nou yo, sou moun ki t'ap maltrete nou yo.
And the Lord your God will put all these curses on those who are against you, and on your haters who put a cruel yoke on you.
 και δώσει κύριος ὁ θεός σου τὰς ἀρῆς ταύτας ἐπὶ τοὺς ἐχθρούς σου και ἐπὶ τοὺς μισοῦντάς σε οἱ ἐδίωξαν σε
- 8 Men, nou menm, n'a tounen vin jwenn Seyè a, n'a koute l', n'a fè tou sa li ban nou lòd fè a, jan mwen mande nou li jòdi a.
And you will again give ear to the voice of the Lord, and do all his orders which I have given you today.
 και σὺ επιστραφήση και εἰσακούση τῆς φωνῆς κυρίου τοῦ θεοῦ σου και ποιήσεις τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ ὅσας ἐγὼ ἐντέλλομαι σοι σήμερον
- 9 Seyè a, Bondye nou an, va kouvri nou anba benediksyon. Li va fè tout zafè nou mache byen, l'a ban nou anpil pitit, l'a ban nou anpil bèt, l'a fè jaden nou yo bay bèl rekòt. Paske, Seyè a va pran plezi ankò pou l' fè nou viv ak kè kontan, menm jan li te pran plezi fè sa pou zansèt nou yo.
And the Lord your God will make you fertile in all good things, blessing the work of your hands, and the fruit of your body, and the fruit of your cattle, and the fruit of your land: for the Lord will have joy in you, as he had in your fathers:
 και πολυωρήσει σε κύριος ὁ θεός σου ἐν παντὶ ἔργῳ τῶν χειρῶν σου ἐν τοῖς ἐκγόνοις τῆς κοιλίας σου και ἐν τοῖς γενήμασιν τῆς γῆς σου και ἐν τοῖς ἐκγόνοις τῶν κτηνῶν σου ὅτι ἐπιστρέψει κύριος ὁ θεός σου εὐφρανθῆναι ἐπὶ σὲ εἰς ἀγαθὰ καθότι ἠυφράνθη ἐπὶ τοῖς πατράσιν σου
- 10 Men, n'a gen pou nou koute Seyè a, Bondye nou an, n'a gen pou nou kenbe tout kòmandman li yo ak tout regleman li yo, tou sa ki ekri nan liv lalwa a. Wi, se pou nou tounen vin jwenn Seyè a, Bondye nou an, ak tout kè nou, ak tout nanm nou.
If you give ear to the voice of the Lord your God, keeping his orders and his laws which are recorded in this book of the law, and turning to the Lord your God with all your heart and with all your soul.
 ἐὰν εἰσακούσης τῆς φωνῆς κυρίου τοῦ θεοῦ σου φυλάσσεσθαι και ποιεῖν πάσας τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ και τὰ δικαιώματα αὐτοῦ και τὰς κρίσεις αὐτοῦ τὰς γεγραμμένας ἐν τῷ βιβλίῳ τοῦ νόμου τούτου ἐὰν ἐπιστραφήης ἐπὶ κύριον τὸν θεόν σου ἐξ ὅλης τῆς καρδίας σου και ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς σου
- 11 ¶ Kòmandman m'ap ban nou jòdi a, se pa bagay nou pa kapab fè, bagay nou pa ka rive fè.
For these orders which I have given you today are not strange and secret, and are not far away.
 ὅτι ἡ ἐντολὴ αὕτη ἦν ἐγὼ ἐντέλλομαι σοι σήμερον οὐχ ὑπέρογκός ἐστιν οὐδὲ μακρὰν ἀπὸ σοῦ
- 12 Se pa nan syèl la li ye pou n' ta di: Kilès ki pral moute al chache l' nan syèl la pou fè nou tande l', pou n' ka fè sa l' mande nou fè a?
They are not in heaven, for you to say, Who will go up to heaven for us and give us knowledge of them so that we may do them?
 οὐκ ἐν τῷ οὐρανῷ ἄνω ἐστὶν λέγων τίς ἀναβήσεται ἡμῖν εἰς τὸν οὐρανὸν και λήμψεται αὐτὴν ἡμῖν και ἀκούσαντες αὐτὴν ποιήσομεν
- 13 Se pa lòt bò lanmè li ye non plis pou nou ta di: Kilès ki pral janbe lanmè al chache l' pou nou ka tande sa l' di, pou nou ka fè sa l' mande nou fè a?
And they are not across the sea, for you to say, Who will go over the sea for us and give us news of them so that we may do them?
 οὐδὲ πέραν τῆς θαλάσσης ἐστὶν λέγων τίς διαπεράσει ἡμῖν εἰς τὸ πέραν τῆς θαλάσσης και λήμψεται ἡμῖν αὐτὴν και ἀκουσὶν ἡμῖν ποιήσει αὐτὴν και ποιήσομεν

- 14 Non. Li la toupre nou. Li nan bouch nou, li nan tèt nou pou nou ka fè sa l' mande nou fè a.
But the word is very near you, in your mouth and in your heart, so that you may do it.
ἔστιν σου ἔγγυς τὸ ῥῆμα σφόδρα ἐν τῷ στόματί σου καὶ ἐν τῇ καρδίᾳ σου καὶ ἐν ταῖς χερσίν σου αὐτὸ ποιεῖν
- 15 ¶ Gade. Jòdi a mwen mete devan nou lavi ak benediksyon yon bò, lanmò ak madichon yon bò. Se nou ki pou chwazi.
See, I have put before you today, life and good, and death and evil;
ἰδοὺ δέδωκα πρὸ προσώπου σου σήμερον τὴν ζωὴν καὶ τὸν θάνατον τὸ ἀγαθὸν καὶ τὸ κακόν
- 16 Sa m'ap mande nou jòdi a, se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an, se pou nou viv jan li vle l' la, se pou nou fè tou sa li mande nou fè nan kòmandman li yo, nan lòd li yo ak nan regleman li yo.
Konsa, n'a gen lavi, n'a gen anpil pitit. Seyè a, Bondye nou an, va beni nou nan peyi nou pral pran pou rele nou pa nou an.
In giving you orders today to have love for the Lord your God, to go in his ways and keep his laws and his orders and his decisions, so that you may have life and be increased, and that the blessing of the Lord your God may be with you in the land where you are going, the land of your heritage.
ἐὰν εἰσακούσης τὰς ἐντολὰς κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἃς ἐγὼ ἐντέλλομαι σοὶ σήμερον ἀγαπᾶν κύριον τὸν θεόν σου πορεύεσθαι ἐν πάσαις ταῖς ὁδοῖς αὐτοῦ φυλάσσεσθαι τὰ δικαιώματα αὐτοῦ καὶ τὰς κρίσεις αὐτοῦ καὶ ζήσεσθε καὶ πολλοὶ ἔσεσθε καὶ εὐλογῆσαι σε κύριος ὁ θεὸς σου ἐν πάσῃ τῇ γῆ εἰς ἣν εἰσπορεύῃ ἐκεῖ κληρονομησῆσαι αὐτήν
- 17 Men, si nou vire do ba li, si nou derefize koute l', si nou kite yo pran tèt nou pou n' al mete ajenou devan lòt bondye, pou n' al fè sèvis pou yo,
But if your heart is turned away and your ear is shut, and you go after those who would make you servants and worshippers of other gods:
καὶ ἐὰν μεταστῇ ἡ καρδία σου καὶ μὴ εἰσακούσης καὶ πλανηθεὶς προσκυνήσης θεοῖς ἑτέροις καὶ λατρεύσης αὐτοῖς
- 18 m'ap avèti nou depi koulye a: nou tout gen pou mourì. Nou p'ap viv lontan nan peyi lòt bò larivyè Jouden kote nou pral antre pou nou pran pou nou an.
I give witness against you this day that destruction will certainly be your fate, and your days will be cut short in the land where you are going, the land of your heritage on the other side of Jordan.
ἀναγγέλλω σοὶ σήμερον ὅτι ἀπολεία ἀπολείσθε καὶ οὐ μὴ πολυήμεροι γέννησθε ἐπὶ τῆς γῆς ἧς κύριος ὁ θεὸς σου δίδωσίν σοι εἰς ἣν ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην ἐκεῖ κληρονομησῆσαι αὐτήν
- 19 Mwen pran syèl la ak latè a sèvi m' temwen jòdi a: Men li, mwen mete devan nou lavi yon bò, lanmò yon bò, benediksyon yon bò, madichon yon bò pou nou chwazi. Chwazi lavi tande, pou nou ka viv, nou menm ansanm ak tout pitit nou yo.
Let heaven and earth be my witnesses against you this day that I have put before you life and death, a blessing and a curse: so take life for yourselves and for your seed:
διαμαρτύρομαι ὑμῖν σήμερον τὸν τε οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν τὴν ζωὴν καὶ τὸν θάνατον δέδωκα πρὸ προσώπου ὑμῶν τὴν εὐλογίαν καὶ τὴν κατάραν ἐκλεξαὶ τὴν ζωὴν ἵνα ζῆς σὺ καὶ τὸ σπέρμα σου
- 20 renmen Seyè a, Bondye nou an. Koute l'. Pa lage l' menm, paske se li menm ki tout lavi nou, se li k'ap fè nou viv lontan nan peyi Seyè a te fè pwomès li t'ap bay Abraram, Izarak ak Jakòb, zansèt nou yo.
In loving the Lord your God, hearing his voice and being true to him: for he is your life and by him will your days be long: so that you may go on living in the land which the Lord gave by an oath to your fathers, Abraham, Isaac and Jacob.
ἀγαπᾶν κύριον τὸν θεόν σου εἰσακούειν τῆς φωνῆς αὐτοῦ καὶ ἔχεσθαι αὐτοῦ ὅτι τοῦτο ἡ ζωὴ σου καὶ ἡ μακρότης τῶν ἡμερῶν σου κατοικεῖν σε ἐπὶ τῆς γῆς ἧς ὤμοσεν κύριος τοῖς πατράσιν σου αβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ ἰακωβ δοῦναι αὐτοῖς
- 1 ¶ Moyiz pale ankò ak tout pèp Izrayèl la, li di yo:
So Moses said all these things to Israel.
καὶ συνετέλεσεν μουσῆς λαλῶν πάντα τοὺς λόγους τούτους πρὸς πάντας υἱοὺς ἰσραηλ
- 2 -Koulye a, mwen gen sanventan sou tèt mwen. Mwen pa gen fòs pou m' fè anyen ankò. Lèfini, Seyè a te tou di m' mwen p'ap janbe lòt bò larivyè Jouden an.
Then he said to them, I am now a hundred and twenty years old; I am no longer able to go out and come in: and the Lord has said to me, You are not to go over Jordan.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς ἑκατὸν καὶ εἴκοσι ἐτῶν ἐγὼ εἰμι σήμερον οὐ δυνήσομαι ἔτι εἰσπορεύεσθαι καὶ ἐκπορεύεσθαι κύριος δὲ εἶπεν πρὸς με οὐ διαβήσῃ τὸν ἰορδάνην τοῦτον
- 3 Seyè a, Bondye nou an, se li menm ki pral pran devan nou. L'ap detwi tout nasyon sa yo devan je nou pou nou ka pran peyi yo pou nou: Se Jozye ki va mache devan nou, jan Seyè a te di l' la.
The Lord your God, he will go over before you; he will send destruction on all those nations, and you will take their land as your heritage: and Joshua will go over at your head as the Lord has said.
κύριος ὁ θεὸς σου ὁ προπορευόμενος πρὸ προσώπου σου αὐτοὺς ἐξολεθρεύσει τὰ ἔθνη ταῦτα ἀπὸ προσώπου σου καὶ κατακληρονομήσεις αὐτούς καὶ ἰησοῦς ὁ προπορευόμενος πρὸ προσώπου σου καθὰ ἐλάλησεν κύριος
- 4 Seyè a va detwi nasyon sa yo nèt, menm jan li te detwi Siyon ak Og, wa peyi Amori yo, ansanm ak tout moun nan peyi yo a nèt ale.
The Lord will do to them as he did to Sihon and to Og, the kings of the Amorites, and to their land, whom he put to destruction.
καὶ ποιήσει κύριος αὐτοῖς καθὰ ἐποίησεν σιων καὶ ωγ τοῖς δυοὶ βασιλεῦσιν τῶν αμορραίων οἳ ἦσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου καὶ τῇ γῆ αὐτῶν καθότι ἐξολέθρευεν αὐτούς
- 5 Seyè a pral lage yo nan men nou. Lè sa a, se pou nou aji avèk yo jan Seyè a te ban nou lòd aji ak yo a.
The Lord will give them up into your hands, and you are to do to them as I have given you orders.
καὶ παρέδωκεν αὐτοὺς κύριος ὑμῖν καὶ ποιήσετε αὐτοῖς καθότι ἐνετειλάμην ὑμῖν

- 6 Se pou nou vanyan. Se pou nou mete gason sou nou! Nou pa bezwen pè. Pa tranble lè yo parèt devan nou. Seyè a, Bondye nou an, kanpe la avèk nou. Li p'ap janm lage nou, li p'ap janm kite nou pou kont nou.
Be strong and take heart, and have no fear of them: for it is the Lord your God who is going with you; he will not take away his help from you.
 ἀνδρίζου καὶ ἴσχυε μὴ φοβοῦ μηδὲ δειλία μηδὲ πτοηθῆς ἀπὸ προσώπου αὐτῶν ὅτι κύριος ὁ θεός σου ὁ προπορευόμενος μεθ' ὑμῶν ἐν ὑμῖν οὐ μὴ σε ἀνή οὔτε μὴ σε ἐγκαταλίπη
- 7 Apre sa, Moyiz rele Jozye, li pale avè l' devan tout pèp Izrayèl la, li di l' konsa: -Mete gason sou ou! Se pou ou vanyan! Paske se ou menm ki pral alatèt pèp la pou l' antre pran peyi Seyè a te fè sèman l'ap bay zansèt yo a.
Then Moses sent for Joshua, and before the eyes of all Israel said to him, Be strong and take heart: for you are to go with this people into the land which the Lord, by his oath to their fathers, has given them; by your help they will take it for their heritage.
 καὶ ἐκάλεσεν μοῦση τὴν ἰησοῦν καὶ εἶπεν αὐτῷ ἔναντι παντῶν ἰσραηλ ἀνδρίζου καὶ ἴσχυε σὺ γὰρ εἰσελεύσῃ πρὸ προσώπου τοῦ λαοῦ τούτου εἰς τὴν γῆν ἣν ὤμοσεν κύριος τοῖς πατράσιν ἡμῶν δοῦναι αὐτὸς οἷς καὶ σὺ κατακληρονομήσεις αὐτὴν αὐτοῖς
- 8 Seyè a va pran devan ou, l'a kanpe la avè ou. Li p'ap janm lage ou, li p'ap kite ou pou kont ou: Ou pa bezwen pè. Ou pa bezwen tranble.
It is the Lord who goes before you; he will be with you, he will not take away his help from you or give you up: so have no fear.
 καὶ κύριος ὁ συμπορευόμενος μετὰ σοῦ οὐκ ἀνήσει σε οὐδὲ μὴ ἐγκαταλίπη σε μὴ φοβοῦ μηδὲ δειλία
- 9 ¶ Apre sa, Moyiz ekri tout lalwa a, epi li renmèt li bay prèt yo, moun fanmi Levi yo ki te reskonsab Bwat Kontra Seyè a, ansanm ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl la.
Then Moses put all this law in writing, and gave it to the priests, the sons of Levi, who take up the ark of the Lord's agreement, and to all the responsible men of Israel.
 καὶ ἔγραψεν μοῦσης τὰ ῥήματα τοῦ νόμου τούτου εἰς βιβλίον καὶ ἔδωκεν τοῖς ἱερεῦσιν τοῖς υἱοῖς λευὶ τοῖς αἵρουσιν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου καὶ τοῖς πρεσβυτέροις τῶν υἱῶν ἰσραηλ
- 10 Moyiz ba yo lòd sa a: -Chak sètan, lè lanne pou yo renmèt dèt yo va rive, pandan y'ap fete fèt Joupa yo.
And Moses said to them, At the end of every seven years, at the time fixed for the ending of debts, at the feast of tents,
 καὶ ἐνετείλατο αὐτοῖς μοῦσης ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ λέγων μετὰ ἑπτὰ ἔτη ἐν καιρῷ ἐνιαυτοῦ ἀφέσεως ἐν ἑορτῇ σκηνοπηγίας
- 11 lè tout pèp Izrayèl la va vin adore Seyè a, Bondye nou an, nan kote li te chwazi pou sa a, n'a li tout liv lalwa a byen fò devan yo tout, pou yo ka tande l' nan zòrèy yo.
When all Israel has come before the Lord your God in the place named by him, let a reading be given of this law in the hearing of all Israel.
 ἐν τῷ συμπορεύεσθαι πάντα ἰσραηλ ὀφθῆναι ἐνώπιον κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἐν τῷ τόπῳ ᾧ ἂν ἐκλέξῃται κύριος ἀναγνώσεσθε τὸν νόμον τοῦτον ἐναντίον παντῶς ἰσραηλ εἰς τὰ ὄτα αὐτῶν
- 12 N'a sanble tout moun, fanm kou gason, timoun kou granmoun, ansanm ak moun lòt nasyon k'ap viv nan lavil nou yo, pou yo ka tande l', pou yo ka aprann gen krentif pou Seyè a, Bondye nou an, pou yo kenbe lalwa a, epi pou yo fè tou sa ki ladan l'.
Make all the people come together, men and women and children, and anyone from another country who is with you, so that hearing they may become wise in the fear of the Lord your God, and take care to do all the words of this law;
 ἐκκλησιάσας τὸν λαόν τοὺς ἀνδρας καὶ τὰς γυναῖκας καὶ τὰ ἔκγονα καὶ τὸν προσήλυτον τὸν ἐν ταῖς πόλεσιν ἡμῶν ἵνα ἀκούσωσιν καὶ ἵνα μάθωσιν φοβεῖσθαι κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν καὶ ἀκούσονται ποιεῖν ἅπαντας τοὺς λόγους τοῦ νόμου τούτου
- 13 Se konsa, pitit yo ki pa t' janm konn lalwa a va tande l'. Y'a aprann gen krentif pou Seyè a, Bondye nou an, chak jou pandan tout tan n'ap viv nan peyi nou pral pran pou nou an, lè n'a janbe lòt bò lariyè Jouden an.
And so that your children, to whom it is new, may give ear and be trained in the fear of the Lord your God, while you are living in the land which you are going over Jordan to take for your heritage.
 καὶ οἱ υἱοὶ αὐτῶν οἳ οὐκ οἶδασιν ἀκούσονται καὶ μαθήσονται φοβεῖσθαι κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν πάσας τὰς ἡμέρας ὅσας αὐτοὶ ζῶσιν ἐπὶ τῆς γῆς εἰς ἣν ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην ἐκεῖ κληρονομήσαι αὐτήν
- 14 ¶ Lè sa a, Seyè a di Moyiz konsa: -Ou pa lwen mourì. Rele Jozye. Vini ansanm avè l' nan Tant Randevou a pou m' ka ba li lòd sa pou l' fè. Se konsa, Moyiz ak Jozye al kanpe nan Tant Randevou a.
At that time the Lord said to Moses, The day of your death is near: send for Joshua, and come to the Tent of meeting so that I may give him his orders. So Moses and Joshua went to the Tent of meeting.
 καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μοῦσιν ἰδοὺ ἡγγίκασιν αἱ ἡμέραι τοῦ θανάτου σου κάλεσον ἰησοῦν καὶ στητε παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἐντελοῦμαι αὐτῷ καὶ ἐπορεύθη μοῦσης καὶ ἰησοῦς εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου καὶ ἔστησαν παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου
- 15 Seyè a parèt devan yo anndan Tant Randevou a, nan yon nwaj ki te gen fòm yon gwo potò devan pòt tant lan.
And the Lord was seen in the Tent in a pillar of cloud resting by the door of the Tent.
 καὶ κατέβη κύριος ἐν νεφέλῃ καὶ ἔστη παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἔστη ὁ στῦλος τῆς νεφέλης παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς

- 16 Seyè a di Moyiz: -Ou pral mouri. Ou pa lwen al jwenn zansèt ou yo ki mouri deja. Men, apre ou fin mouri, pèp la pral leve, yo pral vire do ban mwen pou y' al kouri dèyè lòt bondye y'ap sèvi nan peyi lòt nasyon kote nou pral antre a. Wi, yo pral lage m', yo pral kase kontra m' te pase avèk yo a.
And the Lord said to Moses, Now you are going to rest with your fathers; and this people will be false to me, uniting themselves to the strange gods of the land where they are going; they will be turned away from me and will not keep the agreement I have made with them.
 και εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν ἰδοὺ σὺ κοιμᾷ μετὰ τῶν πατέρων σου και ἀναστᾷς ὁ λαὸς οὗτος ἐκπορνεύσει ὀπίσω θεῶν ἄλλοτρίων τῆς γῆς εἰς ἣν οὗτος εισπορεύεται ἐκεῖ εἰς αὐτήν και ἐγκαταλείψου σὶν με και διασκεδάσουσιν τὴν διαθήκην μου ἣν διεθέμην αὐτοῖς
- 17 Lè sa va rive, m'a fè yon sèl kòlè anwo yo, m'a lage yo tout, mwen p'ap okipe yo ankò. Se peri y'a peri. Tout kalite malè ak lafliksyon pral tonbe sou yo. Se lè sa a y'a blije rekonèt se paske Bondye yo a pa la nan mitan yo ankò kifè tout malè sa yo rive yo.
In that day my wrath will be moved against them, and I will be turned away from them, veiling my face from them, and destruction will overtake them, and unnumbered evils and troubles will come on them; so that in that day they will say, Have not these evils come on us because our God is not with us?
 και ὀργισθήσομαι θυμῷ εἰς αὐτοὺς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ και καταλείψω αὐτοὺς και ἀποστρέψω τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτῶν και ἔσται κατάβρωμα και εὐρήσουσιν αὐτὸν κακὰ πολλὰ και θλίψεις και ἐρεῖ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ διότι οὐκ ἔστιν κύριος ὁ θεός μου ἐν ἐμοί εὐροσάν με τὰ κακὰ ταῦτα
- 18 Men malgre sa, mwen menm m'a refize ede yo paske yo te fè twòp bagay mal lè yo te al kouri dèyè lòt bondye.
Truly, my face will be turned away from them in that day, because of all the evil they have done in going after other gods.
 ἐγὼ δὲ ἀποστροφῆ ἀποστρέψω τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτῶν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ διὰ πάσας τὰς κακίας ἃς ἐποίησαν ὅτι ἐπέστρεψαν ἐπὶ θεοὺς ἄλλοτρίους
- 19 Koulye a, ekri chante sa a. W'a moutre tout moun pèp Izrayèl yo li, pou l' ka nan bouch yo tout, epi pou l' sa sèvi m' temwen kont yo.
Make then this song for yourselves, teaching it to the children of Israel: put it in their mouths, so that this song may be a witness for me against the children of Israel.
 και νῦν γράψατε τὰ ῥήματα τῆς ᾠδῆς ταύτης και διδάξατε αὐτήν τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ και ἐμβαλεῖτε αὐτήν εἰς τὸ στόμα αὐτῶν ἵνα γένηται μοι ἡ ᾠδὴ αὕτη εἰς μαρτύριον ἐν υἱοῖς ἰσραὴλ
- 20 Lè m'ap fè yo antre nan peyi mwen te pwomèt bay zansèt yo a, peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo a, m'a fè yo manje plen vant yo, y'a viv alèz. Men, y'a kouri dèyè lòt bondye, y'a sèvi yo. Men mwen menm, y'a voye m' jete, y'a kraze kontra mwen te pase ak yo a.
For when I have taken them into the land named in my oath to their fathers, a land flowing with milk and honey, and they have made themselves full of food and are fat, then they will be turned to other gods and will give them worship, no longer honouring me or keeping my agreement.
 εἰσάξω γὰρ αὐτοὺς εἰς τὴν γῆν τὴν ἀγαθὴν ἣν ὅμοσα τοῖς πατέραςιν αὐτῶν δοῦναι αὐτοῖς γῆν ῥέουσαν γάλα και μέλι και φάγονται και ἐμπλησθέντες κορήσουσιν και ἐπιστραφήσονται ἐπὶ θεοὺς ἄλλοτρίους και λατρεύσουσιν αὐτοῖς και παροξυνοῦσιν με και διασκεδάσουσιν τὴν διαθήκην μου
- 21 Konsa, lè tout kalite malè ak lafliksyon va tonbe sou yo, chante sa a va sèvi m' temwen, l'ap toujou nan bouch yo, paske pitit yo p'ap jann bliye l'. Wi, depi koulye a, anvan menm mwen fè yo antre nan peyi mwen te pwomèt yo a, mwen konnen sa yo gen nan tèt yo.
Then when evils and troubles without number have overtaken them, this song will be a witness to them, for the words of it will be clear in the memories of their children: for I see the thoughts which are moving in their hearts even now, before I have taken them into the land of my oath.
 και ἀντικαταστήσεται ἡ ᾠδὴ αὕτη κατὰ πρόσωπον μαρτυροῦσα οὐ γὰρ μὴ ἐπιλησθῆ ἀπὸ στόματος αὐτῶν και ἀπὸ στόματος τοῦ σπέρματος αὐτῶν ἐγὼ γὰρ οἶδα τὴν πονηρίαν αὐτῶν ὅσα ποιοῦσιν ᾧδ ε σήμερον πρὸ τοῦ εἰσαγαγεῖν με αὐτοὺς εἰς τὴν γῆν τὴν ἀγαθὴν ἣν ὅμοσα τοῖς πατέραςιν αὐτῶν
- 22 ¶ Menm jou sa a, Moyiz ekri chante a epi li moutre tout moun pèp Izrayèl yo li.
So that same day Moses made this song, teaching it to the children of Israel.
 και ἔγραψεν μουσῆς τὴν ᾠδὴν ταύτην ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ και ἐδίδαξεν αὐτήν τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ
- 23 Apre sa, Seyè a bay Jozye, pitit gason Noun lan, lòd li yo. Li di l' konsa: -Mete gason sou ou. Se pou ou vanyan. Paske se ou menm ki pou fè moun pèp Izrayèl yo antre nan peyi mwen te pwomèt m'ap ba yo a. M'ap kanpe la avè ou.
Then he gave orders to Joshua, the son of Nun, saying to him, Be strong and take heart: for you are to go at the head of the children of Israel into the land which I made an oath to give them; and I will be with you.
 και ἐνετείλατο μουσῆς ἰησοῖ και εἶπεν αὐτῷ ἀνδρίζου και ἴσχυε σὺ γὰρ εἰσάξεις τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ εἰς τὴν γῆν ἣν ὅμοσεν κύριος αὐτοῖς και αὐτὸς ἔσται μετὰ σοῦ
- 24 Lè Moyiz fin ekri tout pawòl lalwa Bondye a nan yon liv san li pa sote anyen,
Now after writing all the words of this law in a book till the record of them was complete,
 ἠνίκα δὲ συνετέλεσεν μουσῆς γράφων πάντας τοὺς λόγους τοῦ νόμου τούτου εἰς βιβλίον ἕως εἰς τέλος
- 25 li rele moun Levi ki te reskonsab pou pote Bwat Kontra Seyè a, li di yo konsa:
Moses said to the Levites who were responsible for taking up the ark of the Lord's agreement,
 και ἐνετείλατο τοῖς λευίταις τοῖς αἵρουσιν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου λέγων

- 26 -Pran liv lalwa a, mete l' sou kote Bwat Kontra Seyè a, Bondye nou an. L'a rete la, l'a sèvi temwen kont nou.
Take this book of the law and put it by the ark of the Lord's agreement, so that it may be a witness against you.
λαβόντες τὸ βιβλίον τοῦ νόμου τούτου θήσετε αὐτὸ ἐκ πλαγίων τῆς κιβωτοῦ τῆς διαθήκης κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν καὶ ἔσται ἐκεῖ ἐν σοὶ εἰς μαρτύριον
- 27 Mwen konnen jan nou gen tèt di, jan nou pa vle koute. Si koulye a, pandan mwen vivan ankò nan mitan nou an, nou te kenbe tèt ak Seyè a konsa, lè m'a mouri menm se va pi rèd.
For I have knowledge of your hard and uncontrolled hearts: even now, while I am still living, you will not be ruled by the Lord; how much less after my death?
ὅτι ἐγὼ ἐπίσταμαι τὸν ἐρεθισμόν σου καὶ τὸν τράχηλόν σου τὸν σκληρόν ἐτι γάρ ἐμοῦ ζῶντος μεθ' ὑμῶν σήμερον παραπικραίνοντες ἦτε τὰ πρὸς τὸν θεόν πῶς οὐχὶ καὶ ἔσχατον τοῦ θανάτου μου
- 28 Sanble bò kote m' tout chèf fanmi nou yo ak tout chèf branch fanmi nou yo pou m' fè yo tande pawòl sa yo. Mwen pral pran syèl la ak latè a sèvi m' temwen sa mwen pral di nou la a.
Get together before me all those who are in authority in your tribes, and your overseers, so that I may say these things in their hearing, and make heaven and earth my witnesses against them.
ἐκκλησιάσατε πρὸς με τοὺς φυλάρχους ὑμῶν καὶ τοὺς πρεσβυτέρους ὑμῶν καὶ τοὺς κριτὰς ὑμῶν καὶ τοὺς γραμματοεισαγωγεῖς ὑμῶν ἵνα λαλήσω εἰς τὰ ὦτα αὐτῶν πάντας τοὺς λόγους τούτους καὶ δι' αμαρτόρομαι αὐτοῖς τὸν τε οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 29 Paske mwen konnen, lè m'a mouri, nou pral lage kò nou nan fè move bagay, nou pral kite chemen mwen te louvri devan nou an. Lè sa a, malè pral tonbe sou nou, paske nou te fè sa ki mal nan je Seyè a, nou te eksite kòlè li avèk tout move bagay nou t'ap fè yo.
For I am certain that after my death you will give yourselves up to sin, wandering from the way which I have given you; and evil will overtake you in the end, because you will do evil in the eyes of the Lord, moving him to wrath by the work of your hands.
οἶδα γὰρ ὅτι ἔσχατον τῆς τελευτῆς μου ἀνομία ἀνομήσετε καὶ ἐκκλινεῖτε ἐκ τῆς ὁδοῦ ἧς ἐνετειλάμην ὑμῖν καὶ συναντήσεται ὑμῖν τὰ κακὰ ἔσχατον τῶν ἡμερῶν ὅτι ποιήσετε τὸ πονηρὸν ἐναντίον κυρίου ἢ παροργίσει αὐτὸν ἐν τοῖς ἔργοις τῶν χειρῶν ὑμῶν
- 30 Lè sa a, Moyiz pran resite byen fò tout chante sa a, depi nan kommansman jouk li bout, devan tout moun pèp Izrayèl yo ki te reyini pou yo te ka tande sa l'ap di a.
Then in the hearing of all the meeting of Israel, Moses said the words of this song, to the end.
καὶ ἐλάλησεν μουσῆς εἰς τὰ ὦτα πάσης ἐκκλησίας ἰσραηλ τὰ ῥήματα τῆς ψῆδης ταύτης ἕως εἰς τέλος
- 1 ¶ Ou menm syèl, tande sa mwen pral di la a! Koute byen, ou menm latè, pawòl ki pral soti nan bouch mwen!
Give ear, O heavens, to my voice; let the earth take note of the words of my mouth:
πρόσεχε οὐρανέ καὶ λαλήσω καὶ ἀκουέτω γῆ ῥήματα ἐκ στόματός μου
- 2 Sa m'ap di a pral tonbe tankou grenn lapli! Pawòl mwen yo pral tankou lawouze k'ap tonbe sou latè. Pawòl nan bouch mwen pral tankou bèl lapli k'ap tonbe sou jenn plant yo, tankou yon ti lapli nò k'ap tonbe sou zèb gazon.
My teaching is dropping like rain, coming down like dew on the fields; like rain on the young grass and showers on the garden plants:
προσδοκάσθω ὡς ὑετὸς τὸ ἀπόφθεγμά μου καὶ καταβήτω ὡς δρόσος τὰ ῥήματά μου ὡσεὶ ὄμβρος ἐπ' ἄγρωστιν καὶ ὡσεὶ υἱετὸς ἐπὶ χόρτον
- 3 Mwen pral fè lwanj Seyè a! Rekonèt jan Bondye nou an gen pouvwa!
For I will give honour to the name of the Lord: let our God be named great.
ὅτι ὄνομα κυρίου ἐκάλεσα δότε μεγαλωσύνην τῷ θεῷ ἡμῶν
- 4 Se Seyè a k'ap pwoteje nou. Tou sa li fè bon nèt. Li pa nan patipri nan anyen l'ap fè. Bondye nou an ap toujou kenbe pawòl li Li pa nan bay manti. Li fè sa ki dwat, li pa fè ankenn lenjistis.
He is the Rock, complete is his work; for all his ways are righteousness: a God without evil who keeps faith, true and upright is he.
θεὸς ἀληθινὰ τὰ ἔργα αὐτοῦ καὶ πᾶσαι αἱ ὁδοὶ αὐτοῦ κρίσεις θεὸς πιστὸς καὶ οὐκ ἔστιν ἀδικία δίκαιος καὶ ὁσιος κύριος
- 5 Se yo menm, pèp li a, ki pa kenbe pawòl yo, bagay yon bon pitit Bondye pa ta janm fè. Se yon bann mechan k'ap mache twonpe moun.
They have become false, they are not his children, the mark of sin is on them; they are an evil and hard-hearted generation.
ἡμάρτοσαν οὐκ αὐτῷ τέκνα μομητὰ γενεὰ σκολιὰ καὶ διεστραμμένα
- 6 Se konsa nou di Seyè a mèsì pou sa l' fè pou nou, bann moun fou san konprann? Se pa li ki papa nou? Se pa li ki kreye nou? Se pa li ki fè nou sa nou ye a? Se pa li ki ban nou lavi?
Is this your answer to the Lord, O foolish people and unwise? Is he not your father who has given you life? He has made you and given you your place.
ταῦτα κυρίῳ ἀνταποδίδοτε οὕτω λαὸς μαρὸς καὶ οὐχὶ σοφός οὐκ αὐτὸς οὗτός σου πατήρ ἐκτίσαστά σε καὶ ἐποίησέν σε καὶ ἔκτισέν σε
- 7 ¶ Chonje tan lontan! Repase tèt nou sou tan lontan! Mande papa nou pou li di nou sak te pase. Mande granmoun lontan yo rakonte nou istwa tan lontan.
Keep in mind the days of the past, give thought to the years of generations gone by: go to your father and he will make it clear to you, to the old men and they will give you the story.
μνήσθητε ἡμέρας αἰῶνος σύνετε ἔτη γενεᾶς γενεῶν ἐπερώτησον τὸν πατέρα σου καὶ ἀναγγελεῖ σοι τοὺς πρεσβυτέρους σου καὶ ἐροῦσίν σοι
- 8 Lè Bondye ki anwo nan syèl la t'ap bay chak nasyon pòsyon ki pou yo, lè li t'ap bay kote pou chak moun rete sou latè, li fikse fwontyè tout peyi dapre kantite moun li te mete sou latè.
When the Most High gave the nations their heritage, separating into groups the children of men, he had the limits of the peoples marked out, keeping in mind the number of the children of Israel.
ὅτε διεμέριζεν ὁ ὕψιστος ἔθνη ὡς διέσπειρεν υἱοὺς ἀδάμ ἔστησεν ὅρια ἔθνων κατὰ ἀριθμὸν ἀγγέλων θεοῦ

- 9 Men, li chwazi pitit Jakòb yo pou li. Se yo ki pèp pa l' la menm.
For the Lord's wealth is his people; Jacob is the land of his heritage.
καὶ ἐγενήθη μερίς κυρίου λαὸς αὐτοῦ ἰακωβ σχοίνισμα κληρονομίας αὐτοῦ ἰσραηλ
- 10 Li te jwenn yo nan dezè a, kote moun pa rete, kote van an ap souffle san rete. Li pran yo nan bra l', li pran swen yo, li pwoteje yo tankou de grenn je nan tèt li.
He came to him in the waste land, in the unpeopled waste of sand: putting his arms round him and caring for him, he kept him as the light of his eye.
αὐτάρκησεν αὐτὸν ἐν γῆ ἐρήμῳ ἐν δίψει καύματος ἐν ἀνύδρῳ ἐκύκλωσεν αὐτὸν καὶ ἐπαίδευσεν αὐτὸν καὶ διεφύλαξεν αὐτὸν ὡς κόραν ὀφθαλμοῦ
- 11 Tankou malfini k'ap moutre pitit li vole, Seyè a ap plane anwo pitit li yo. Li louvri zèl li yo pou li ka pran swen yo, li pote yo sou do l' pou yo pa tonbe.
As an eagle, teaching her young to make their flight, with her wings outstretched over them, takes them up on her strong feathers:
ὡς ἀετὸς σκεπάσαι νοσσιὰν αὐτοῦ καὶ ἐπὶ τοῖς νεοσσοῖς αὐτοῦ ἐπεπόθησεν διεις τὰς πτέρυγας αὐτοῦ ἐδέξατο αὐτοὺς καὶ ἀνέλαβεν αὐτοὺς ἐπὶ τῶν μεταφρένων αὐτοῦ
- 12 Seyè a sèl chèf yo. Li pa bezwen lòt bondye pou ede l'.
So the Lord only was his guide, no other god was with him.
κύριος μόνος ἦγεν αὐτούς καὶ οὐκ ἦν μετ' αὐτῶν θεὸς ἀλλότριος
- 13 Li fè yo mache an grannèg sou tèt mòn peyi a. Li fè yo manje grenn bwa nan savann. Yo jwenn siwo myèl nan tou wòch pou yo bwè. Pye oliv yo donnè nan wòch karyann.
He put him on the high places of the earth, his food was the increase of the field; honey he gave him out of the rock and oil out of the hard rock;
ἀνεβίβασεν αὐτοὺς ἐπὶ τὴν ἰσχὺν τῆς γῆς ἐνώμισεν αὐτοὺς γενήματα ἀγρῶν ἐθήλασαν μέλι ἐκ πέτρας καὶ ἔλαιον ἐκ σταρεῶς πέτρας
- 14 Bèf yo ak mouton yo ap bay lèt an kantite. Y'a manje vyann mouton gra, vyann belye Bazan ak vyann bouk kabrit. Y'a manje pi bon kalite farin frans, y'a bwè ji rezen pou diven.
Butter from his cows and milk from his sheep, with fat of lambs and sheep of Bashan, and goats, and the heart of the grain; and for your drink, wine from the blood of the grape.
βοῦτρον βοῶν καὶ γάλα προβάτων μετὰ στέατος ἀρνῶν καὶ κριῶν υἰῶν ταύρων καὶ τράγων μετὰ στέατος νεφρῶν πυροῦ καὶ αἶμα σταφυλῆς ἔπιον οἶνον
- 15 ¶ Pitit Jakòb yo manje plen vant yo! Yo vin gra, y'ap pete nan po yo, yo konmanse voye pye. Yo voye Bondye ki te fè yo a jete. Yo vire do bay Bondye ki t'ap pwoteje yo a, Bondye ki te delivre yo a.
But Jeshurun became fat and would not be controlled: you have become fat, you are thick and full of food: then he was untrue to the God who made him, giving no honour to the Rock of his salvation.
καὶ ἔφαγεν ἰακωβ καὶ ἐνεπλήσθη καὶ ἀπελάκτισεν ὁ ἠγαπημένος ἐλιπάνθη ἐπαχύνθη ἐπλατύνθη καὶ ἐγκατέλιπεν θεὸν τὸν ποιήσαντα αὐτὸν καὶ ἀπέστη ἀπὸ θεοῦ σωτήρος αὐτοῦ
- 16 Y' al adore bondye lòt nasyon. Yo fè Seyè a fè jalouzi, y' al fè sa ki mal, yo fè l' fè kòlè.
The honour which was his they gave to strange gods; by their disgusting ways he was moved to wrath.
παρώξυνάν με ἐπ' ἀλλοτρίοις ἐν βδελύγμασιν αὐτῶν ἐξεπύκρυνάν με
- 17 Y' al ofri bèt pou yo touye bay zidòl ki pa bondye tout bon, yon kalite bondye yo pa t' janm konnen anvan, lòt bondye ki fèk parèt, bondye zansèt yo pa t' janm gen krentif.
They made offerings to evil spirits which were not God, to gods who were strange to them, which had newly come up, not feared by your fathers.
ἔθυσαν δαιμονίοις καὶ οὐ θεῷ θεοῖς οἷς οὐκ ᾔδεισαν καινοὶ πρόσωποι ἠκασιν οὐδ' οὐκ ᾔδεισαν οἱ πατέρες αὐτῶν
- 18 Yo bliye Bondye ki te pwoteje yo, Bondye ki papa yo a. Yo pa chonje Bondye ki te fè yo, Bondye ki te ba yo lavi a.
You have no thought for the Rock, your father, you have no memory of the God who gave you birth.
θεὸν τὸν γεννήσαντά σε ἐγκατέλιπες καὶ ἐπελάθου θεοῦ τοῦ τρέφοντός σε
- 19 ¶ Lè Seyè a wè sa, li fache. Li fè kòlè sou pitit gason l' yo ak sou pitit fi l' yo!
And the Lord saw with disgust the evil-doing of his sons and daughters.
καὶ εἶδεν κύριος καὶ ἐζήλωσεν καὶ παρώξυνθη δι' ὄργην υἰῶν αὐτοῦ καὶ θυγατέρων
- 20 Li di: mwen pral vire do m' ba yo. M'a wè sa ki pral rive yo. Se yon bann moun ki plen vis, yon bann pitit ou pa ka fin fye nèl.
And he said, My face will be veiled from them, I will see what their end will be: for they are an uncontrolled generation, children in whom is no faith.
καὶ εἶπεν ἀποστρέψω τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτῶν καὶ δεῖξω τί ἔσται αὐτοῖς ἐπ' ἐσχάτων ὅτι γενεὰ ἐξεστραμμένη ἐστὶν υἱοὶ οἷς οὐκ ἔστιν πίστις ἐν αὐτοῖς
- 21 Yo fè m' fè jalouzi, y' al adore yon bondye ki pa bondye tout bon. Yo fè m' fè kòlè, y' al fè sèvis pou zidòl ki pa vo anyen. Enben, mwen menm, mwen pral fè yo fè jalouzi pou yon pèp ki pa menm yon pèp. M'ap fè yo fè kòlè pou yon nasyon moun ki san konprann.
They have given my honour to that which is not God, moving me to wrath with their false worship: I will give their honour to those who are not a people, moving them to wrath by a foolish nation, αὐτοὶ παρεζήλωσάν με ἐπ' οὐ θεῷ παρώργισάν με ἐν τοῖς εἰδώλοις αὐτῶν κἀγὼ παραζηλώσω αὐτοὺς ἐπ' οὐκ ἔθνη ἐπ' ἔθνη ἀσυνέτω παροργιῶ αὐτούς

- 22 Lè m' an kòlè, se tankou yon gwo dife k'ap flanbe. Mwen boule tou sa ki sou latè. Mwen desann byen fon kote mò yo ye anba tè a. M'ap mete dife jouk nan rasin mòn yo.
For my wrath is a flaming fire, burning to the deep parts of the underworld, burning up the earth with her increase, and firing the deep roots of the mountains.
ὅτι πῦρ ἐκκέκασται ἐκ τοῦ θυμοῦ μου καυθήσεται ἕως ἄδου κάτω καταφάγεται γῆν καὶ τὰ γενήματα αὐτῆς φλέξει θεμέλια ὀρέων
- 23 M'ap fè yon seri malè tonbe sou yo. M'ap voye tout flèch mwen yo sou yo.
I will send a rain of troubles on them, my arrows will be showered on them.
συνάξω εἰς αὐτοὺς κακὰ καὶ τὰ βέλη μου συντελέσω εἰς αὐτούς
- 24 Y'a mouri grangou. Lafyèb va fini ak yo. Move maladi va minen yo. M'a voye bèt nan bwa atake yo. M'a voye sèpan ak pwazon venen pou touye yo.
They will be wasted from need of food, and overcome by burning heat and bitter destruction; and the teeth of beasts I will send on them, with the poison of the worms of the dust.
τηκόμονται λιμῶ καὶ βρώσει ὀρνέων καὶ ὀπισθότονος ἀνίατος ὀδόντας θηρίων ἀποστελῶ εἰς αὐτοὺς μετὰ θυμοῦ συρόντων ἐπὶ γῆς
- 25 Nan lari, y'a touye pitit pitit gason yo nan goumen. Moun ki anndan kay va sitèlman pè, kè yo va rete. Jenn gason ak jenn fi va mouri menm jan an tou. Depi timoun nan tete jouk granmoun cheve blan, pesonn p'ap chape.
Outside they will be cut off by the sword, and in the inner rooms by fear; death will take the young man and the virgin, the baby at the breast and the grey-haired man.
ἐξῶθεν ἀτεκνώσει αὐτοὺς μάχαιρα καὶ ἐκ τῶν ταμιείων φόβος νεανίσκος σὺν παρθένῳ θηλάζων μετὰ καθεστηκότος πρεσβύτου
- 26 ¶ Mwen te di mwen tapral detwi yo nèt, pou pesonn pa janm chonje yo ankò sou latè.
I said I would send them wandering far away, I would make all memory of them go from the minds of men:
εἶπα διασπερῶ αὐτοὺς παύσω δὴ ἐξ ἀνθρώπων τὸ μνημόσινον αὐτῶν
- 27 Men, mwen pa ta vle kite lènmi yo pran pye sou yo. Mwen pa ta renmen pou moun ki pa vle wè m' yo mete nan tèt yo se yo menm ak fòs kouraj yo ki fè sa, pou yo pa di: Seyè a pa gen anyen pou l' wè nan sa.
But for the fear that their haters, uplifted in their pride, might say, Our hand is strong, the Lord has not done all this.
εἰ μὴ δι' ὀργὴν ἐχθρῶν ἵνα μὴ μακροχρονίωσιν καὶ ἵνα μὴ συνεπιθῶνται οἱ ὑπεναντίοι μὴ εἴπωσιν ἢ χεῖρ ἡμῶν ἢ ὑψηλὴ καὶ οὐχὶ κύριος ἐποίησεν ταῦτα πάντα
- 28 Pèp Izrayèl la, se yon pèp ki pèdi bonnanj yo. Yo pa gen konprann.
For they are a nation without wisdom; there is no sense in them.
ὅτι ἔθνος ἀπολωλεκὸς βουλὴν ἔστιν καὶ οὐκ ἔστιν ἐν αὐτοῖς ἐπιστήμη
- 29 Si yo te gen konprann, yo ta louvri je yo, yo ta wè sa ki pral rive yo.
If only they were wise, if only this was clear to them, and they would give thought to their future!
οὐκ ἐφρόνησαν συνίνατι ταῦτα καταδεξάσθωσαν εἰς τὸν ἐπιόντα χρόνον
- 30 Kouman ou ta vle pou yon sèl grenn lènmi fè mil ladan yo kouri, pou de grenn lènmi fè dimil ladan yo kraze rak? Se sèlman paske Seyè a lage yo, paske moun ki te konn pwoteje yo a vire do ba yo.
How would it be possible for one to overcome a thousand, and two to send ten thousand in flight, if their rock had not let them go, if the Lord had not given them up?
πῶς διώξεται εἷς χιλίους καὶ δύο μετακινήσωσιν μυριάδας εἰ μὴ ὁ θεὸς ἀπέδοτο αὐτοὺς καὶ κύριος παρέδωκεν αὐτούς
- 31 Lènmi yo konn byen pwòp bondye k'ap pwoteje yo a pa ka parèt devan Bondye pèp Izrayèl la.
For their rock is not like our Rock, even our haters themselves being judges.
ὅτι οὐκ ἔστιν ὡς ὁ θεὸς ἡμῶν οἱ θεοὶ αὐτῶν οἱ δὲ ἐχθροὶ ἡμῶν ἀνόητοι
- 32 Ou ta di se menm ras moun Sodòm ak Gomò yo ye. Yo tankou pye rezen k'ap donner rezen anmè, rezen ki plen pwazon.
For their vine is the vine of Sodom, from the fields of Gomorrah: their grapes are the grapes of evil, and the berries are bitter:
ἐκ γὰρ ἀμπέλου σοδομων ἢ ἀμπελος αὐτῶν καὶ ἡ κληματις αὐτῶν ἐκ γομορρας ἢ σταφυλὴ αὐτῶν σταφυλὴ χολῆς βότρυς πικρίας αὐτοῖς
- 33 Diven yo tankou pwazon nan bouch sèpan, venen nan bouch sèpan aspik k'ap touye moun frèt.
Their wine is the poison of dragons, the cruel poison of snakes.
θυμὸς δρακόντων ὁ οἶνος αὐτῶν καὶ θυμὸς ἀσπίδων ἀνίατος
- 34 Seyè a konnen tou sa lènmi te fè pèp la. L'ap tann lè a rive pou l' pini yo.
Is not this among my secrets, kept safe in my store-house?
οὐκ ἰδοὺ ταῦτα συνήκται παρ' ἐμοὶ καὶ ἐσφράγισται ἐν τοῖς θησαυροῖς μου

- 35 Se Seyè a k'ap tire revanj sou yo, se li k'ap fè yo peye sa yo fè a, lè lè a va rive pou yo tonbe. Jou pou yo detwi yo a pa lwen. Sa ki pare pou yo a fin rive.
Punishment is mine and reward, at the time of the slipping of their feet: for the day of their downfall is near, sudden will be their fate.
 ἐν ἡμέρᾳ ἐκδικήσεως ἀνταποδώσω ἐν καιρῷ ὅταν σφαλῆ ὁ πούς αὐτῶν ὅτι ἐγγὺς ἡμέρα ἀπωλείας αὐτῶν καὶ ἄρᾳ ἐστὶν ἔτοιμα ὑμῖν
- 36 Seyè a pral pran defans pèp li a, lè l'a wè tout fòs yo fin desann. Li pral gen pitye pou sèvitè l' yo, lè l'a wè pa gen anpil ankò ki rete, ni amndan peyi a, ni deydò.
For the Lord will be judge of his people, he will have pity for his servants; when he sees that their power is gone, there is no one, shut up or free.
 ὅτι κρινεῖ κύριος τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ ἐπὶ τοῖς δούλοις αὐτοῦ παρακληθήσεται εἶδεν γὰρ παραλελυμένους αὐτοὺς καὶ ἐκλειοπτάς ἐν ἐπαγωγῇ καὶ παρειμένους
- 37 Lè sa a, Seyè a va mande: -Kote bondye yo a, sa ki te konn pwoteje yo a? bondye yo te konn al jwenn pou pran defans yo a?
And he will say, Where are their gods, the rock in which they put their faith?
 καὶ εἶπεν κύριος ποῦ εἰσὶν οἱ θεοὶ αὐτῶν ἐφ' οἷς ἐπεποίθεισαν ἐπ' αὐτοῖς
- 38 Se pa yo ki te konn manje grès bèt nou te konn ofri yo? Se pa yo ki te konn bwè diven nou te konn vide sou lòtèl yo? Se pou yo vin koulye a, se pou yo vin delivre nou! Se pou yo kouri vin pwoteje nou!
Who took the fat of their offerings, and the wine of their drink offering? Let them now come to your help, let them be your salvation.
 ὧν τὸ στέαρ τῶν θυσῶν αὐτῶν ἠσθίετε καὶ ἐπίνετε τὸν οἶνον τῶν σπονδῶν αὐτῶν ἀναστήτασαν καὶ βοηθησάτωσαν ὑμῖν καὶ γενηθήτωσαν ὑμῖν σκεπασταί
- 39 ¶ Se mwen menm, mwen menm sèl ki Bondye. Pa gen lòt bondye pase mwen menm. Mwen bay lavi, mwen pran lavi jan m' vle. Lè mwen bay maladi, se mwen ki pou bay gerizon. Pa gen moun ki ka delivre pesonn anba mwen.
See now, I myself am he; there is no other god but me: giver of death and life, wounding and making well: and no one has power to make you free from my hand.
 ἴδετε ἴδετε ὅτι ἐγὼ εἰμι καὶ οὐκ ἔστιν θεὸς πλὴν ἐμοῦ ἐγὼ ἀποκτενῶ καὶ ζῆν ποιῶ πατάξω κἀγὼ ἰάσομαι καὶ οὐκ ἔστιν ὃς ἐξελεῖται ἐκ τῶν χειρῶν μου
- 40 Men m'ap leve men m' anlè, mwen fè sèman: Menm jan nou wè m' vivan pou tout tan an,
For lifting up my hand to heaven I say, By my unending life,
 ὅτι ἄρθω εἰς τὸν οὐρανὸν τὴν χεῖρά μου καὶ ὁμοῦμαι τῇ δεξιᾷ μου καὶ ἐρῶ ζῶ ἐγὼ εἰς τὸν αἰῶνα
- 41 lè m'a file bèl nepe klere mwen an, lè m'a soté pou m' rann jistis, m'a tire revanj mwen sou lènmi m' yo, m'a bay moun ki pa vle wè m' yo sa yo merite.
If I make sharp my shining sword, and my hand is outstretched for judging, I will give punishment to those who are against me, and their right reward to my haters.
 ὅτι παροξυνῶ ὡς ἀστραπὴν τὴν μάχαιρά μου καὶ ἀνθέξεται κρίματος ἡ χεὶρ μου καὶ ἀνταποδώσω δίκην τοῖς ἐχθροῖς καὶ τοῖς μισοῦσίν με ἀνταποδώσω
- 42 Flèch mwen yo pral tranpe nan san, nan san moun blese yo ak san prizonye yo. Nepe mwen ap koupe moun san gad dèyè, l'ap koupe tèt tout chèf lènmi yo.
I will make my arrows red with blood, my sword will be feasting on flesh, with the blood of the dead and the prisoners, of the long-haired heads of my haters.
 μεθύσω τὰ βέλη μου ἀφ' αἵματος καὶ ἡ μάχαιρά μου καταφάγεται κρέα ἀφ' αἵματος τραυματιῶν καὶ αἰχμαλωσίας ἀπὸ κεφαλῆς ἀρχόντων ἐχθρῶν
- 43 Nou menm nasyon ki sou latè, fè kè nou kontan ak pèp Bondye chwazi a! Paske Seyè a pral tire revanj pou lanmò sèvitè l' yo. L'a bay moun ki pa vle wè l' yo sa yo merite. L'a wete tout vye bagay ki t'ap fèt nan peyi pèp li a.
Be glad, O you his people, over the nations; for he will take payment for the blood of his servants, and will give punishment to his haters, and take away the sin of his land, for his people.
 εὐφράνθητε οὐρανοὶ ἅμα αὐτῷ καὶ προσκυνησάτωσαν αὐτῷ πάντες υἱοὶ θεοῦ εὐφράνθητε ἔθνη μετὰ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ καὶ ἐνισχυσάτωσαν αὐτῷ πάντες ἄγγελοι θεοῦ ὅτι τὸ αἷμα τῶν υἱῶν αὐτοῦ ἐκδικᾶται καὶ ἐκδικήσεται καὶ ἀνταποδώσει δίκην τοῖς ἐχθροῖς καὶ τοῖς μισοῦσιν ἀνταποδώσει καὶ ἐκκαθαριεῖ κύριος τὴν γῆν τοῦ λαοῦ αὐτοῦ
- 44 ¶ Moyiz ak Jozye, pitit gason Noun lan, te repete tout pawòl chante sa a byen fò pou tout pèp la te tande.
So Moses said all the words of this song in the hearing of the people, he and Hoshea, the son of Nun.
 καὶ ἔγραψεν μουσῆς τὴν ᾠδὴν ταύτην ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ καὶ εἰδὼς αὐτὴν τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ καὶ εἰσηλθὼν μουσῆς καὶ ἐλάλησεν πάντας τοὺς λόγους τοῦ νόμου τούτου εἰς τὰ ὦτα τοῦ λαοῦ αὐτοῦ καὶ ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυῆ
- 45 Lè Moyiz fin bay pèp Izrayèl la tout pawòl sa yo,
And after saying all this to the people,
 καὶ συνετέλεσεν μουσῆς λαλῶν παντὶ ἰσραὴλ
- 46 li di yo konsa: -Se pou nou koute tout kòmandman m'ap ban nou jòdi a. Y'a sèvi m' temwen mwen te fè nou konnen yo. Nou menm, n'a pase pitit nou yo lòd pou yo kenbe yo, pou yo swiv tout pawòl ki nan lalwa Bondye a.
Moses said to them, Let the words which I have said to you today go deep into your hearts, and give orders to your children to do every word of this law.
 καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς προσέχετε τῇ καρδίᾳ ἐπὶ πάντας τοὺς λόγους τούτους ὃς ἐγὼ διαμαρτύρομαι ὑμῖν σήμερον ἃ ἐντελεῖσθε τοῖς υἱοῖς ὑμῶν φυλάσσειν καὶ ποιεῖν πάντας τοὺς λόγους τοῦ νόμου τοῦτου

- 47 Paske, se pa pawòl nou ka pran konsa konsa. Se lavi yo ye pou nou. Se yo menm k'ap fè nou viv lontan nan peyi nou pral pran pou nou an, lè n'a fin janbe lòt bò larivyè Jouden an.
And this is no small thing for you, but it is your life, and through this you may make your days long in the land which you are going over Jordan to take for your heritage.
 ὅτι οὐχὶ λόγος κενὸς οὗτος ὑμῖν ὅτι αὕτη ἡ ζωὴ ὑμῶν καὶ ἔνεκεν τοῦ λόγου τούτου μακροημερεύσετε ἐπὶ τῆς γῆς εἰς ἣν ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην ἐκεῖ κληρονομήσαι αὐτὴν
- 48 Menm jou sa a, Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa:
That same day the Lord said to Moses,
 καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς μουσῆν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ λέγων
- 49 -Ale nan chenn mòn Abarim yo, ki nan peyi Moab anfas lavil Jeriko a. Moute sou mòn Nebo. Antan ou la, w'a voye je ou, w'a gade, w'a wè peyi Kanaran an, peyi mwen pral bay moun pèp Izrayèl yo pou yo rete a.
Go up into this mountain of Abarim, to Mount Nebo in the land of Moab opposite Jericho; there you may see the land of Canaan, which I am giving to the children of Israel for their heritage:
 ἀνάβηθι εἰς τὸ ὄρος τὸ αβαραν τοῦτο ὄρος ναβου ὃ ἐστὶν ἐν γῆ μοαβ κατὰ πρόσωπον ἰεριχω καὶ ἰδὲ τὴν γῆν χανασαν ἣν ἐγὼ δίδωμι τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ εἰς κατάσχεσιν
- 50 Ou pral mouri sou mòn kote ou pral moute a, ou pral jwenn moun pa ou yo ki deja mouri, menm jan sa te rive Arawon, frè ou la, ki te mouri sou mòn Or la, epi ki te al jwenn moun pa l' yo ki deja mouri.
And let death come to you on the mountain where you are going, and be put to rest with your people; as death came to Aaron, your brother, on Mount Hor, where he was put to rest with his people:
 καὶ τελευτᾶ ἐν τῷ ὄρει εἰς ὃ ἀναβαίνεις ἐκεῖ καὶ προστέθῃ πρὸς τὸν λαόν σου ὃν τρόπον ἀπέθανεν ααρων ὁ ἀδελφός σου ἐν ὄρῳ τῷ ὄρει καὶ προσετέθῃ πρὸς τὸν λαὸν αὐτοῦ
- 51 Nou tou de, nou pa t' fè sa m' te di nou fè devan pèp Izrayèl la, lè yo te bò sous dlo Meriba yo, bò lavil Kadès, nan dezè Zin lan. Nou te manke m' respe devan tout pèp Izrayèl la.
Because of your sin against me before the children of Israel at the waters of Meribath Kadesh in the waste land of Zin; because you did not keep my name holy among the children of Israel.
 διότι ἠπειθήσατε τῷ βήματι μου ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ ἐπὶ τοῦ ὕδατος ἀντιλογίας καθῆς ἐν τῇ ἐρήμῳ σιν διότι οὐχ ἠγιάσατέ με ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ
- 52 Se poutèt sa, w'a rete byen lwen, w'a wè peyi mwen pral bay moun pèp Izrayèl yo anba nan pye ou. Men ou menm, ou p'ap mete pye ou ladan l'.
So you will see the land before you, but you will not go into the land which I am giving to the children of Israel.
 ὅτι ἀπέναντι ὄψῃ τὴν γῆν καὶ ἐκεῖ οὐκ εἰσελεύσῃ
- 1 ¶ Men benediksyon Moyiz, sèvitè Bondye a, te bay moun pèp Izrayèl yo anvan li mouri.
Now this is the blessing which Moses, the man of God, gave to the children of Israel before his death.
 καὶ αὕτη ἡ εὐλογία ἣν εὐλόγησεν μουσῆς ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ πρὸ τῆς τελευτῆς αὐτοῦ
- 2 Li di: -Seyè a sotì mòn Sinayi, li leve tankou solèy lòt bò peyi Seyi. L'ap klere depi sou tèt mòn Paran an. Li rive jouk Meriba nan peyi Kadès. Sou bò dwat li yon flanm dife.
He said, The Lord came from Sinai, dawning on them from Seir; shining out from Mount Paran, coming from Meribath Kadesh: from his right hand went flames of fire: his wrath made waste the peoples.
 καὶ εἶπεν κύριος ἐκ σινα ἦκει καὶ ἐπέφανεν ἐκ σιρη ἡμῖν καὶ κατέσπευσεν ἐξ ὄρους φαραν σὺν μυριάσιν καθῆς ἐκ δεξιῶν αὐτοῦ ἄγγελοι μετ' αὐτοῦ
- 3 Seyè a renmen tout pèp sou latè. Men, li pwoteje tout moun k'ap viv apa pou li. Yo bese nan pye l'. Yo resevwa lòd l'ap ba yo.
All his holy ones are at his hand; they go at his feet; they are lifted up on his wings.
 καὶ ἐφείσατο τοῦ λαοῦ αὐτοῦ καὶ πάντες οἱ ἠγιασμένοι ὑπὸ τὰς χεῖράς σου καὶ οὗτοι ὑπὸ σέ εἰσιν καὶ ἐδέξατο ἀπὸ τῶν λόγων αὐτοῦ
- 4 Moyiz ban nou lalwa. Se yon byen li kite pou tout fanmi Jakòb la.
Moses gave us a law, a heritage for the people of Jacob.
 νόμον ὃν ἐνετείλατο ἡμῖν μουσῆς κληρονομίαν συναγωγᾶς ἰακωβ
- 5 Seyè a te wa nan mitan pèp Izrayèl la lè tout chèf pèp la te reyini, lè tout branch fanmi pèp Izrayèl la te sanble.
And there was a king in Jeshurun, when the heads of the people and the tribes of Israel came together.
 καὶ ἔσται ἐν τῷ ἠγαπημένῳ ἄρχων συναχθέντων ἀρχόντων λαῶν ἅμα φυλαῖς ἰσραὴλ
- 6 ¶ Men sa li di pou branch fanmi Woubenn lan: Se pou Woubenn viv lontan! Fanmi li p'ap janm disparèt, malgre li pa gen anpil moun.
Let life not death be Reuben's, let not the number of his men be small.
 ζήτω ρουβην καὶ μὴ ἀποθανέτω καὶ ἔστω πολὺς ἐν ἀριθμῷ
- 7 Men sa li di pou branch fanmi Jida a: Seyè, koute vwa moun fanmi Jida yo! Fè yo mete tèt yo ansanm ankò ak rès pèp la. Goumen pou yo, Seyè! Se pou ou ede yo lè y'ap batay ak lènmi l' yo.
And this is the blessing of Judah: he said, Give ear, O Lord, to the voice of Judah and make him one with his people: let your hands take up his cause, and be his help against his attackers.
 καὶ αὕτη ἰουδα εἰσάκουσον κύριε φωνῆς ἰουδα καὶ εἰς τὸν λαὸν αὐτοῦ εἰσέλθοισαν αἱ χεῖρες αὐτοῦ διακρινοῦσιν αὐτῷ καὶ βοηθὸς ἐκ τῶν ἐχθρῶν αὐτοῦ ἔσῃ

- 8 ¶ Men sa li di pou branch fanmi Levi a: Seyè! Se ou menm ki pou fè yo konnen volonte ou. Y'ap sèvi ou san lage. Ou te sonde yo bò Masa. Ou te kenbe tèt ak yo bò sous dlo Meriba yo.
And of Levi he said, Give your Thummim to Levi and let the Urim be with your loved one, whom you put to the test at Massah, with whom you were angry at the waters of Meribah;
καὶ τῷ λευὶ εἶπεν δότε λευὶ δῆλους αὐτοῦ καὶ ἀλήθειαν αὐτοῦ τῷ ἀνδρὶ τῷ ὀσίῳ ὃν ἐπείρασαν αὐτὸν ἐν πείρᾳ ἐλοιδόρησαν αὐτὸν ἐπὶ ὕδατος ἀντιλογίας
- 9 Yo pa konn papa! Yo pa konn manman! Yo pa konn frè! Yo pa konn pitit! Se lòd ou yo y'ap swiv, se kontra ou la y'ap kenbe fèm.
Who said of his father, Who is he? and of his mother, I have not seen her; he kept himself separate from his brothers and had no knowledge of his children: for they have given ear to your word and kept your agreement.
ὁ λέγων τῷ πατρὶ καὶ τῇ μητρὶ οὐχ ἑώρακά σε καὶ τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ οὐκ ἐπέγνω καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ ἀπέγνω ἐφύλαξεν τὰ λόγια σου καὶ τὴν διαθήκην σου διετήρησεν
- 10 Y'a moutre pitit Jakòb yo regleman ou yo. Y'a moutre pitit Izrayèl yo lalwa ou la. Y'a boule lansan devan ou, y'a ofri sou lòtèl bèt yo touye pou boule nèt pou ou.
They will be the teachers of your decisions to Jacob and of your law to Israel: the burning of perfumes before you will be their right, and the ordering of burned offerings on your altar.
δηλώσουσιν τὰ δικαιώματά σου τῷ ἰακώβ καὶ τὸν νόμον σου τῷ ἰσραὴλ ἐπιθήσουσιν θυμίαμα ἐν ὀργῇ σου διὰ παντὸς ἐπὶ τὸ θυσιαστήριόν σου
- 11 Seyè, ba yo anpil kouraj! Se pou yo fè ou plezi nan tou sa y'ap fè! Kase ren moun ki pa vle wè yo. Se pou lènmi l' yo pa ka leve tèt ankò.
Let your blessing, O Lord, be on his substance, may the work of his hands be pleasing to you: may those who take up arms against him and all who have hate for him, be wounded through the heart, never to be lifted up again.
εὐλόγησον κύριε τὴν ἰσχύα αὐτοῦ καὶ τὰ ἔργα τῶν χειρῶν αὐτοῦ δέξαι κάταξον ὅσφον ἐχθρῶν ἐπανεστηκότων αὐτῷ καὶ οἱ μισοῦντες αὐτὸν μὴ ἀναστήσωσιν
- 12 ¶ Men sa li di pou branch fanmi Benjamin an: Se moun Seyè a renmen anpil. Y'a viv ak kè poze bò kote l'. Bondye ki anwo nan syèl la va toujou pwoteje yo, l'a moute kay li nan mitan yo.
And of Benjamin he said, Benjamin is the loved one of the Lord, he will be kept safe at all times; he will be covered by the Most High, resting between his arms.
καὶ τῷ βενιαμὴν εἶπεν ἠγαπημένος ὑπὸ κυρίου κατασκηνώσει πεποιθώς καὶ ὁ θεὸς σκιάζει ἐπ' αὐτῷ πάσας τὰς ἡμέρας καὶ ἀνὰ μέσον τῶν ὤμων αὐτοῦ κατέπαυσεν
- 13 Men sa li di pou branch fanmi Jozèf la: Se pou Seyè a beni peyi ki pou yo a. L'a voye bonkou lapli sot nan syèl la, l'a fè sous dlo pete toupatou.
And of Joseph he said, Let the blessing of the Lord be on his land; for the good things of heaven on high, and the deep waters flowing under the earth,
καὶ τῷ ἰωσήφ εἶπεν ἀπ' εὐλογίας κυρίου ἡ γῆ αὐτοῦ ἀπὸ ὠρῶν οὐρανοῦ καὶ δρόσου καὶ ἀπὸ ἀβύσσων πηγῶν κάτωθεν
- 14 L'a fè pyebwa ki donnent chak lanne bay bon rekòt. L'a fè pyebwa ki donnent chak sezon bay bon fwi.
And the good things of the fruits of the sun, and the good things of the growth of the moons,
καὶ καθ' ὥραν γεννημάτων ἡλίου τροπῶν καὶ ἀπὸ συνόδων μηνῶν
- 15 L'a fè vye mòn yo bay bèl rekòt. L'a fè vye tè mòn yo bay pi bon manje ki genyen.
And the chief things of the oldest mountains, and the good things of the eternal hills,
καὶ ἀπὸ κορυφῆς ὄρεων ἀρχαῖς καὶ ἀπὸ κορυφῆς βουνῶν ἀενάων
- 16 L'a fè tè yo a bay tout kalite bon rekòt. Bondye ki te pale nan touf raje a va ba yo favè l'. Se pou tout benediksyon sa yo tonbe sou tèt Jozèf, paske nan tout pitit papa li yo, se li menm yo te chwazi.
The good things of the earth and all its wealth, the good pleasure of him who was seen in the burning tree: may they come on the head of Joseph, on the head of him who was prince among his brothers.
καὶ καθ' ὥραν γῆς πληρώσεως καὶ τὰ δεκτὰ τῷ ὀφθέντι ἐν τῷ βῆτω ἔλθοισαν ἐπὶ κεφαλὴν ἰωσήφ καὶ ἐπὶ κορυφῆς δοξασθεὶς ἐν ἀδελφοῖς
- 17 Li byen kanpe tankou premye pitit yon towò bèf. L'ap gen fòs kouraj yon bèf savann. L'ap bat tout pèp ki sou latè ak kout kòn, l'ap kouri dèyè yo jouk nan dènnye bout latè. Wi, se sa tout milyon moun Efrayim yo ak tout kantite moun Manase yo pral fè.
He is a young ox, glory is his; his horns are the horns of the mountain ox, with which all peoples will be wounded, even to the ends of the earth: they are the ten thousands of Ephraim and the thousands of Manasseh.
πρωτότοκος ταύρου τὸ κάλλος αὐτοῦ κέρατα μονοκέρωτος τὰ κέρατα αὐτοῦ ἐν αὐτοῖς ἔθνη κεραιεῖ ἅμα ἕως ἐπ' ἄκρον γῆς αὐτὰ μυριάδες εφραιμ καὶ αὐτὰ χιλιάδες μανασση
- 18 ¶ Men sa li di pou branch fanmi Zablon an ak branch fanmi Isaka a: Nou menm moun Zablon yo, se pou trafik sou lanmè nou mache byen. Nou menm moun Isaka yo, se pou komès n'ap fè lakay nou mache byen tou.
And of Zebulun he said, Be glad, Zebulun, in your going out; and, Issachar, in your tents.
καὶ τῷ ζαβουλὼν εἶπεν εὐφράνθητι ζαβουλὼν ἐν ἐξοδίᾳ σου καὶ ἰσαχαρ ἐν τοῖς σκηνώμασιν αὐτοῦ
- 19 Yo rele tout moun lòt nasyon yo vin sou mòn lan. Se la y'a fè ofrann Bondye mande yo, paske yo fè tout lajan yo sou lanmè, nan komès yo fè sou lanmè ak nan trafik lakòt y'ap fè toupatou.
They will send out the word for the people to come to the mountain, taking there the offerings of righteousness: for the store of the seas will be theirs, and the secret wealth of the sand.
ἔθνη ἐξολεθρεύσουσιν καὶ ἐπικαλέσεσθε ἐκεῖ καὶ θύσετε θυσίαν δικαιοσύνης ὅτι πλοῦτος θαλάσσης θηλάσει σε καὶ ἐμπόρια παράλιον κατοικούντων

- 20 Men sa li di pou branch fanmi Gad la: Lwanj pou Bondye ki bay Gad anpil tè pou l' rete. Gad kouche tankou yon lyon k'ap veye, pou l' dechire yon bra, yon tèt, yon figi.
Of Gad he said, A blessing be on him who makes wide the limits of Gad: he takes his rest like a she-lion, taking for himself the arm and the crown of the head.
καὶ τῷ γαδ εἶπεν εὐλογημένος ἐμπλατύνων γαδ ὡς λέων ἀνεπαύσατο συντρίψας βραχίονα καὶ ἄρχοντα
- 21 Yo pran pi bon venn tè a pou yo. Se pòsyon tè ki toujou vin pou chèf. Se yo k'ap mache devan pèp la. Yo fè tou sa Seyè a te mande, yo swiv tout regleman Seyè a te bay pèp Izrayèl la.
He kept for himself the first part, for his was the ruler's right: he put in force the righteousness of the Lord, and his decisions for Israel.
καὶ εἶδεν ἀπαρχὴν αὐτοῦ ὅτι ἐκεῖ ἐμερίσθη γῆ ἀρχόντων συνηγμένων ἅμα ἀρχηγοῖς λαῶν δικαιοσύνην κύριος ἐποίησεν καὶ κρίσιν αὐτοῦ μετὰ ἰσραηλ
- 22 ¶ Men sa li di pou branch fanmi Dann lan: Dann se yon jenn ti lyon k'ap kouri soti peyi Bazan.
And of Dan he said, Dan is a young lion, springing out from Bashan.
καὶ τῷ δαν εἶπεν δαν σκύμνος λέοντος καὶ ἐκπηθήσεται ἐκ τοῦ βασαν
- 23 Men sa li di pou branch fanmi Neftali a: Neftali resewva kont benediksyon l'. Seyè a fè l' anpil anpil favè. Pòsyon tè yo ap soti bò letan an, l'ap desann jouk nan pwent sid peyi a.
And of Naphtali he said, O Naphtali, made glad with grace and full of the blessing of the Lord: the sea and its fishes will be his.
καὶ τῷ νεφθαλι εἶπεν νεφθαλι πλησμονὴ δεκτῶν καὶ ἐμπλησθήτω εὐλογίαν παρὰ κυρίου θάλασσαν καὶ λίβα κληρονομήσει
- 24 Men sa li di pou branch fanmi Asè a: Nan tout pitit Jakòb yo, benediksyon pou Asè! Tout frè li yo ap renmen l'. Se pou tè li yo rich ak pye oliv.
And of Asher he said, Let Asher have the blessing of children; may he be pleasing to his brothers, and let his foot be wet with oil.
καὶ τῷ ασηρ εἶπεν εὐλογητὸς ἀπὸ τέκνων ασηρ καὶ ἔσται δεκτὸς τοῖς ἀδελφοῖς αὐτοῦ βάψει ἐν ἐλαίῳ τὸν πόδα αὐτοῦ
- 25 Se pou pòtay lavil li yo fèt an fè ak an asye, pou li ka toujou viv ak kè poze.
Your shoes will be iron and brass; and as your days, so may your work be.
σίδηρος καὶ χαλκὸς τὸ ὑπόδημα αὐτοῦ ἔσται καὶ ὡς αἱ ἡμέραι σου ἡ ἰσχὺς σου
- 26 ¶ Pa gen tankou Bondye moun pèp Izrayèl la. Li kouri sou nwaj yo nan syèl la pou l' vin pote yo sekou avèk fòs ponyèt li.
No other is like the God of Jeshurun, coming on the heavens to your help, and letting his glory be seen in the skies.
οὐκ ἔστιν ὥσπερ ὁ θεὸς τοῦ ἡγαπημένου ὁ ἐπιβαίνων ἐπὶ τὸν οὐρανὸν βοηθὸς σου καὶ ὁ μεγαλοπρεπὴς τοῦ στερεώματος
- 27 Bondye ki la pou tout tan an ap pwoteje nou. L'ap pran dèfans nou ak pounwa li ki p'ap janm fini. L'ap fè lènmi nou yo kouri met deyò devan nou, l'ap ban nou lòd pou nou detwi yo nèt.
The God of your fathers is your safe resting-place, and under you are his eternal arms: driving out the forces of your haters from before you, he said, Let destruction overtake them.
καὶ σκέπασις θεοῦ ἀρχῆς καὶ ὑπὸ ἰσχρὸν βραχιόνων ἀενάων καὶ ἐκβαλεῖ ἀπὸ προσώπου σου ἔχθρὸν λέγων ἀπόλοιτο
- 28 Pèp Izrayèl la ap viv ak kè poze. Moun pèp Izrayèl yo p'ap viv tankou lòt nasyon yo. Y'ap viv nan yon peyi k'ap bay anpil farin ak diven, nan yon peyi kote ki p'ap janm manke lapli.
And Israel is living in peace, the fountain of Jacob by himself, in a land of grain and wine, with dew dropping from the heavens.
καὶ κατασκηνώσει ἰσραηλ πεποιθὸς μόνος ἐπὶ γῆς ἰακωβ ἐπὶ σίτῳ καὶ οἴνῳ καὶ ὁ οὐρανὸς αὐτῷ συννεφῆς δρόσῳ
- 29 Ala bon sa bon pou nou, moun pèp Izrayèl! Pa gen tankou nou! Se Seyè a menm ki delivrans nou! Se li ki pwoteksyon nou! Se li ki defans nou! L'ap mache devan nou pou l' fè nou genyen batay la. Lènmi nou yo va vin mande padon nan pye nou. Men nou menm, n'a kraze sa ki fè lògèy yo a anba pye nou.
Happy are you, O Israel: who is like you, a people whose saviour is the Lord, whose help is your cover, whose sword is your strength! All those who are against you will put themselves under your rule, and your feet will be planted on their high places.
μακάριος σὺ ἰσραηλ τίς ὁμοίός σοι λαὸς σφωζόμενος ὑπὸ κυρίου ὑπερασπιεῖ ὁ βοηθὸς σου καὶ ἡ μάχηρα καύχημά σου καὶ ψεύσσονται σε οἱ ἐχθροί σου καὶ σὺ ἐπὶ τὸν τράχηλον αὐτῶν ἐπιβήσῃ
- 1 ¶ Moyiz kite plenn Moab yo, li moute sou mòn Nebo a, sou tèt mòn Pisga a ki anfas lavil Jeriko a. Antan li la, Seyè a fè l' wè tout peyi a, depi zòn Galarad la rive jouk pòsyon tè ki pou Dann lan,
And Moses went up from the table-lands of Moab to Mount Nebo, to the top of Pisgah which is facing Jericho. And the Lord let him see all the land, the land of Gilead as far as Dan;
καὶ ἀνέβη μουσῆς ἀπὸ αραβὼθ μοαβ ἐπὶ τὸ ὄρος ναβαν ἐπὶ κορυφὴν φασγα ἣ ἔστιν ἐπὶ προσώπου ἱεριχω καὶ ἔδειξεν αὐτῷ κύριος πᾶσαν τὴν γῆν γαλααδ ἕως δαν
- 2 tout pòsyon ki pou Neftali a, tout peyi Efrayim lan ak peyi Manase a, tout peyi Jida a rive sou lanmè Mediterane a,
And all Naphtali and the land of Ephraim and Manasseh, and all the land of Judah, as far as the Great Sea of the west;
καὶ πᾶσαν τὴν γῆν νεφθαλι καὶ πᾶσαν τὴν γῆν εφραϊμ καὶ μανασση καὶ πᾶσαν τὴν γῆν ἰουδα ἕως τῆς θαλάσσης τῆς ἐσχάτης
- 3 tout zòn Negèv la, fon larivyè Jouden an, depi plenn Jeriko, lavil pye koko ginen yo, desann jouk lavil Zoa.
And the South, and the circle of the valley of Jericho, the town of palm-trees, as far as Zoar.
καὶ τὴν ἔρημον καὶ τὰ περὶχωρα ἱεριχω πόλιν φοινίκων ἕως σηγορ

- 4 Seyè a di li konsa: -Men peyi mwen te pwomèt Abraram, Izarak ak Jakòb mwen t'ap bay pitit pitit yo k'ap vin apre yo a. Mwen fè ou wè l' ak je ou, men ou p'ap antre ladan l'.
And the Lord said to him, This is the land about which I made an oath to Abraham, Isaac, and Jacob, saying, I will give it to your seed: now I have let you see it with your eyes, but you will not go in there.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν αὕτη ἡ γῆ ἦν ὄμοσα αβρααμ καὶ ἰσαακ καὶ ἰακωβ λέγων τῷ σπέρματι ὑμῶν δώσω αὐτήν καὶ ἔδειξα αὐτὴν τοῖς ὀφθαλμοῖς σου καὶ ἐκεῖ οὐκ εἰσελεύσῃ
- 5 ¶ Se la Moyiz, sèvitè Seyè a, te mouri nan peyi Moab la, jan Seyè a te di li t'ap mouri a.
So death came to Moses, the servant of the Lord, there in the land of Moab, as the Lord had said.
καὶ ἐτελεύτησεν μουσῆς οἰκέτης κυρίου ἐν γῆ μοαβ διὰ ῥήματος κυρίου
- 6 Seyè a antere l' nan peyi Moab la, nan fon ki anfas Bèt-Peyò a. Jounk jòdi a, pesonn pa konnen ki kote li antere.
And the Lord put him to rest in the valley in the land of Moab opposite Beth-peor: but no man has knowledge of his resting-place to this day.
καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν γαὶ ἐν γῆ μοαβ ἐγγὺς οἴκου φογορ καὶ οὐκ οἶδεν οὐδεὶς τὴν ταφὴν αὐτοῦ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 7 Lè Moyiz mouri, li te gen sanventan. Li te wè byen nan je l' toujou, li te byen engannm toujou.
And Moses at his death was a hundred and twenty years old: his eye had not become clouded, or his natural force become feeble.
μουσῆς δὲ ἦν ἑκατὸν καὶ εἴκοσι ἔτων ἐν τῷ τελευτᾷ αὐτὸν οὐκ ἡμαυρώθησαν οἱ ὀφθαλμοὶ αὐτοῦ οὐδὲ ἐφθάρησαν τὰ χεῖλῶνα αὐτοῦ
- 8 Moun pèp Izrayèl yo pase trant jou nan plenn Moab yo ap kriye lanmò li. Apre sa, yo fini ak tan yo t'ap pase ap kriye pou lanmò Moyiz la.
For thirty days the children of Israel were weeping for Moses in the table-lands of Moab, till the days of weeping and sorrow for Moses were ended.
καὶ ἔκλαυσαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ τὸν μουσῆν ἐν αραβοθ μοαβ ἐπὶ τοῦ ἰορδάνου κατὰ ἱερῶν τριάκοντα ἡμέρας καὶ συνετελέσθησαν αἱ ἡμέραι πένθους κλαυθμοῦ μουσῆ
- 9 ¶ Jozye, pitit gason Noun lan, te vin gen anpil bon konprann sou li, paske Moyiz te mete men sou tèt li. Moun Izrayèl yo koute tou sa Jozye di yo. Yo fè tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd pou yo fè a.
And Joshua, the son of Nun, was full of the spirit of wisdom; for Moses had put his hands on him: and the children of Israel gave ear to him, and did as the Lord had given orders to Moses.
καὶ ἰησοῦς υἱὸς ναυη ἐνεπλήσθη πνεύματος συνέσεως ἐπέθηκεν γὰρ μουσῆς τὰς χεῖρας αὐτοῦ ἐπ' αὐτόν καὶ εἰσήκουσαν αὐτοῦ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ καὶ ἐποίησαν καθότι ἐνετείλατο κύριος τῷ μουσῆ
- 10 Depi lè sa a, pa janm gen lòt pwofèt konsa ankò ki parèt nan mitan pèp Izrayèl la tankou Moyiz. Seyè a te konn pale avè l' fas pou fas.
There has never been another prophet in Israel like Moses, whom the Lord had knowledge of face to face;
καὶ οὐκ ἀνέστη ἔτι προφήτης ἐν ἰσραὴλ ὡς μουσῆς ὃν ἔγνω κύριος αὐτὸν πρόσωπον κατὰ πρόσωπον
- 11 Pa gen lòt pwofèt ki janm fè tout mirak ak tout mèvèy sa yo Seyè a te voye l' al fè nan peyi Lejip, kont farawon an, kont moun k'ap sèvi gouvenman l' yo ak tout moun ki te nan peyi a.
In all the signs and wonders which the Lord sent him to do in the land of Egypt, to Pharaoh and to all his servants and all his land;
ἐν πᾶσι τοῖς σημεῖοις καὶ τέρασιν ὃν ἀπέστειλεν αὐτὸν κύριος ποιῆσαι αὐτὰ ἐν γῆ αἰγύπτου φαραὼ καὶ τοῖς θεράπουσιν αὐτοῦ καὶ πάσῃ τῇ γῆ αὐτοῦ
- 12 Pa gen lòt pwofèt ki janm gen menm pouvwa sa a pou fè tout kalite gwo bagay sa yo Moyiz te fè devan tout pèp Izrayèl la.
And in all the acts of power and fear which Moses did before the eyes of all Israel.
τὰ θαυμάσια τὰ μεγάλα καὶ τὴν χεῖρα τὴν κραταιάν ἃ ἐποίησεν μουσῆς ἔναντι παντὸς ἰσραὴλ .
- 1 ¶ Apre Moyiz, sèvitè Seyè a, mouri, Seyè a pale ak Jozye, pitit gason Noun lan, ki te aladwat Moyiz nan tou sa li t'ap fè. Li di l' konsa:
Now after the death of Moses, the servant of the Lord, the word of the Lord came to Joshua, the son of Nun, Moses' helper, saying,
καὶ ἐγένετο μετὰ τὴν τελευτὴν μουσῆ εἶπεν κύριος τῷ ἰησοῖ υἱῷ ναυη τῷ ὑπουργῷ μουσῆ λέγων
- 2 -Koulye a, Moyiz, sèvitè m' lan, mouri. Pare kò ou, ou menm ansanm ak tout pèp Izrayèl la. Nou pral janbe lòt bò larivyè Jouden an pou nou ka antre nan peyi m'ap ban nou an.
Moses my servant is dead; so now get up! Go over Jordan, you and all this people, into the land which I am giving to them, to the children of Israel.
μουσῆς ὁ θεράπων μου τετελεύτηκεν νῦν οὖν ἀναστὰς διάβηθι τὸν ἰορδάνην σὺ καὶ πᾶς ὁ λαὸς οὗτος εἰς τὴν γῆν ἣν ἐγὼ δίδωμι αὐτοῖς
- 3 Jan mwen te di Moyiz la, mwen pral ban nou tout peyi kote nou pral mete pye nou an.
Every place on which you put your foot I have given to you, as I said to Moses.
πᾶς ὁ τόπος ἐφ' ὃν ἂν ἐπιβῆτε τῷ ἴχνει τῶν ποδῶν ὑμῶν ὑμῖν δώσω αὐτόν ὃν τρόπον εἶρηκα τῷ μουσῆ
- 4 Peyi a pral konmanse depi nan dezè a sou bò nan sid, jouk mòn Liban nou wè laba a, nan nò. L'ap pran tout peyi moun Et yo, depi larivyè Lefrat sou bò solèy leve, jouk gwo lanmè a sou bò solèy kouche.
From the waste land and this mountain Lebanon, as far as the great river, the river Euphrates, and all the land of the Hittites to the Great Sea, in the west, will be your country.
τὴν ἔρημον καὶ τὸν ἀντιλίβανον ἕως τοῦ ποταμοῦ τοῦ μεγάλου ποταμοῦ εὐφράτου καὶ ἕως τῆς θαλάσσης τῆς ἐσχάτης ἀφ' ἡλίου δυσμῶν ἔσται τὰ ὄρια ὑμῶν

- 5 Pandan tout rès vi ou, pesonn p'ap ka kenbe tèt ak ou. M'ap toujou kanpe la avèk ou, menm jan mwen te toujou la avèk Moyiz. Mwen p'ap vire do ba ou, mwen p'ap janm lage ou.
While you are living, all will give way before you: as I was with Moses, so I will be with you; I will not take away my help from you or give you up.
οὐκ ἀντιστήσεται ἄνθρωπος κατενώπιον ὑμῶν πάσας τὰς ἡμέρας τῆς ζωῆς σου καὶ ὡσπερ ἤμην μετὰ μουσῆ οὕτως ἔσομαι καὶ μετὰ σοῦ καὶ οὐκ ἐγκαταλείψω σε οὐδὲ ὑπερόψομαί σε
- 6 Mete gason sou ou! Pa janm dekouraje, paske se ou menm ki pral fè pèp la antre pran peyi mwen te fè sèman m'ap bay zansèt yo a.
Take heart and be strong; for you will give to this people for their heritage the land which I gave by an oath to their fathers.
ἴσχυε καὶ ἀνδρίζου σὺ γὰρ ἀποδιαστελεῖς τῷ λαῷ τούτῳ τὴν γῆν ἣν ὤμοσα τοῖς πατράσιν ὑμῶν δοῦναι αὐτοῖς
- 7 Wi. Sèl bagay mwen mande ou, se mete gason sou ou, pa janm dekouraje. Veye kò ou pou ou mache dapre tout lòd Moyiz, sèvitè m' lan, te ba ou yo. Pa janm neglije anyen nan sa li te di ou, pou zafè ou ka mache byen kote ou pase.
Only take heart and be very strong; take care to do all the law which Moses my servant gave you, not turning from it to the right hand or to the left, so that you may do well in all your undertakings.
ἴσχυε οὖν καὶ ἀνδρίζου φυλάσσεσθαι καὶ ποιεῖν καθότι ἐνετείλατό σοι μουσῆς ὁ παῖς μου καὶ οὐκ ἐκκλινεῖς ἀπ' αὐτῶν εἰς δεξιὰ οὐδὲ εἰς ἀριστερά ἵνα συνῆς ἐν πᾶσιν οἷς ἐὰν πράσῃς
- 8 Se pou pawòl ki nan liv lalwa a toujou nan bouch ou. Se pou w'ap kalkile yo nan tèt ou lajounen kou lannwit, pou ou ka viv dapre sa ki ekri nan liv la. Se konsa w'a mennan bak ou byen. Tout zafè ou va mache byen.
Let this book of the law be ever on your lips and in your thoughts day and night, so that you may keep with care everything in it; then a blessing will be on all your way, and you will do well.
καὶ οὐκ ἀποστήσεται ἡ βίβλος τοῦ νόμου τούτου ἐκ τοῦ στόματός σου καὶ μελετήσεις ἐν αὐτῷ ἡμέρας καὶ νυκτός ἵνα συνῆς ποιεῖν πάντα τὰ γεγραμμένα τότε εὐδοθήσῃ καὶ εὐδώσεις τὰς ὁδοὺς σου καὶ τότε συνήσεις
- 9 Chonje lòd mwen te ba ou! Mete gason sou ou! Pa janm dekouraje! Ou pa bezwen tranble, ou pa bezwen pè, paske Seyè a, Bondye ou la, ap toujou kanpe la avèk ou kote ou pase.
Have I not given you your orders? Take heart and be strong; have no fear and do not be troubled; for the Lord your God is with you wherever you go,
ἰδοὺ ἐντέταλμαί σοι ἴσχυε καὶ ἀνδρίζου μὴ δειλιάσῃς μηδὲ φοβηθῆς ὅτι μετὰ σοῦ κύριος ὁ θεὸς σου εἰς πάντα οὐ ἐὰν πορεύῃ
- 10 ¶ Lè sa a, Jozye rele tout chèf pèp la. Li ba yo lòd sa a:
Then Joshua gave their orders to those who were in authority over the people, saying,
καὶ ἐνετείλατο ἰησοῦς τοῖς γραμματεῦσιν τοῦ λαοῦ λέγων
- 11 -Mache nan tout kan an. Bay pèp la lòd pou yo pare tout zafè yo, paske nan twa jou nou pral janbe lòt bò larivyè Jouden an pou nou antre nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou pou peyi pa nou.
Go through the tents and give orders to the people, saying, Get ready a store of food; for in three days you are to go over this river Jordan and take for your heritage the land which the Lord your God is giving you.
εἰσελθατε κατὰ μέσον τῆς παρεμβολῆς τοῦ λαοῦ καὶ ἐντείλασθε τῷ λαῷ λέγοντες ἐτοιμάζεσθε ἐπισιτισμόν ὅτι ἔτι τρεῖς ἡμέραι καὶ ὑμεῖς διαβαίνετε τὸν ἰορδάνην τοῦτον εἰσελθόντες κατασχεῖν τὴν γῆν ἣν ἰσχύει ὁ θεὸς τῶν πατέρων ὑμῶν δίδωσιν ὑμῖν
- 12 Apre sa, Jozye pale ak moun branch fanmi Woubenn yo ak moun branch fanmi Gad yo ananm ak mwaye moun nan branch fanmi Manase a. Li di yo:
And to the Reubenites and the Gadites and the half-tribe of Manasseh, Joshua said,
καὶ τῷ ρουβην καὶ τῷ γαδ καὶ τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση εἶπεν ἰησοῦς
- 13 -Chonje lòd Moyiz, sèvitè Seyè a, te ban nou lè li te di nou: Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou tè bò isit la pou nou tabli, pou nou viv ak kè poze.
Keep in mind what Moses, the servant of the Lord, said to you, The Lord your God is sending you rest and will give you this land.
μνήσθητε τὸ ῥῆμα κυρίου ὁ ἐνετείλατο ὑμῖν μουσῆς ὁ παῖς κυρίου λέγων κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν κατέπαυσεν ὑμᾶς καὶ ἔδωκεν ὑμῖν τὴν γῆν ταύτην
- 14 Madanm nou, pitit nou ak tout bèt nou yo pral rete nan peyi Moyiz ban nou sou bò isit larivyè Jouden an, bò solèy leve a. Men, nou menm gason yo, vanyan sòlda, se pou nou pran zam nou nan men nou pou nou mache devan tout rès pèp la, pou nou ka ede yo, si gen nesese.
Your wives, your little ones, and your cattle will be kept here in the land which Moses gave you on this side of Jordan; but you, the fighting-men, are to go over before your brothers, armed, to give them help;
αἱ γυναῖκες ὑμῶν καὶ τὰ παιδιά ὑμῶν καὶ τὰ κτήνη ὑμῶν κατοικεῖτωσαν ἐν τῇ γῇ ἣ ἔδωκεν ὑμῖν ὑμεῖς δὲ διαβήσεσθε εὗζωνοι πρότεροι τῶν ἀδελφῶν ὑμῶν πᾶς ὁ ἰσχύων καὶ συμμαχήσετε αὐτοῖς
- 15 Lè Seyè a va fin fè yo pran peyi a pou yo, lè l'a fin ba yo yon kote pou yo viv ak kè poze, menm jan li te fè l' pou nou an, se lè sa a atò n'a tounen nan peyi ki pou nou an. Wi, n'a vin rete nan peyi pa nou an, peyi Moyiz, sèvitè Bondye a, te ban nou lòt bò larivyè Jouden an, sou bò solèy leve.
Till the Lord has given your brothers rest, as he has given it to you, and they have taken their heritage in the land which the Lord your God is giving them: then you will go back to the land of your heritage which Moses, the servant of the Lord, gave you on the east side of Jordan.
ἕως ἄν καταπαύσῃ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν τοὺς ἀδελφοὺς ὑμῶν ὡσπερ καὶ ὑμᾶς καὶ κληρονομήσωσιν καὶ οὗτοι τὴν γῆν ἣν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν δίδωσιν αὐτοῖς καὶ ἀπελεύσεσθε ἕκαστος εἰς τὴν κληρονομίαν αὐτοῦ ἣν ἔδωκεν ὑμῖν μουσῆς εἰς τὸ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἀπ' ἀνατολῶν ἡλίου

- 16 ¶ Yo tout yo reponn Jozye, yo di l': -Tou sa ou ban nou lòd fè, n'ap fè l'! Kote ou voye nou, nou prale!
Then they said to Joshua in answer, Whatever you say to us we will do, and wherever you send us we will go.
καὶ ἀποκριθέντες τῷ ἰησοῦ εἶπαν πάντα ὅσα ἂν ἐντείλῃ ἡμῖν ποιήσομεν καὶ εἰς πάντα τόπον οὗ ἂν ἀποστείλῃς ἡμᾶς πορευσόμεθα
- 17 Menm jan nou te toujou obeyi Moyiz, se konsa n'ap obeyi ou tou. Sèl bagay, n'ap lapriyè pou Bondye toujou kanpe avè ou menm jan li te kanpe ak Moyiz la.
As we gave attention to Moses in all things, so we will give attention to you: and may the Lord your God be with you as he was with Moses.
κατὰ πάντα ὅσα ἠκούσαμεν μουσῆ ἀκουσόμεθα σοῦ πλὴν ἔστω κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν μετὰ σοῦ ὃν τρόπον ἦν μετὰ μουσῆ
- 18 Se pou yo touye tout moun ki pa dakò ak lòd ou, osinon ki pa vle obeyi lòd ou bay, osinon ki derefize fè sa ou mande yo fè. Sèlman, met gason sou ou! Pa janm dekouraje!
Whoever goes against your orders, and does not give attention to all your words, will be put to death: only take heart and be strong.
ὁ δὲ ἄνθρωπος ὃς ἐὰν ἀπειθήσῃ σοι καὶ ὅστις μὴ ἀκούσῃ τῶν ῥημάτων σου καθότι ἂν αὐτῷ ἐντείλῃ ἀποθανέτω ἀλλὰ ἴσχυε καὶ ἀνδρίζου
- 1 ¶ Lè sa a, Jozye, pitit gason Noun lan, rete Sitim kote yo te ye a, li voye de nèg an kachèt al wè jan sa ye lavil Jeriko. Li di yo: -Ale vizite peyi a ak lavil Jeriko. Se konsa mesye yo ale, yo antre lakay you jennès ki te rele Rarab. Se la yo desann.
Then Joshua, the son of Nun, sent two men from Shittim secretly, with the purpose of searching out the land, and Jericho. So they went and came to the house of a loose woman of the town, named Rahab, where they took their rest for the night.
καὶ ἀπέστειλεν ἰησοῦς υἱὸς ναυῆ ἐκ σαττιν δύο νεανίσκους κατασκοπεῦσαι λέγων ἀνάβητε καὶ ἴδετε τὴν γῆν καὶ τὴν ἱερῖω καὶ πορευθέντες εἰσῆλθοσαν οἱ δύο νεανίσκοι εἰς ἱερῖω καὶ εἰσῆλθοσαν εἰς οἰκίαν γυναικὸς πόρνης ἣ ὄνομα ρααβ καὶ κατέλυσαν ἐκεῖ
- 2 Men, nouvèl la tonbe nan zòrèy wa Jeriko a. Yo vin di l' konsa: -Gen kèk moun nan pèp Izrayèl la ki antre isit la lannwit lan pou espyonnen nou.
And it was said to the king of Jericho, See, some men have come here tonight from the children of Israel with the purpose of searching out the land.
καὶ ἀπηγγέλη τῷ βασιλεῖ ἱερῖω λέγοντες εἰσπεπόρευνται ὅδε ἄνδρες τῶν υἱῶν ἰσραὴλ κατασκοπεῦσαι τὴν γῆν
- 3 Lè wa a tande sa, li voye di Rarab konsa: -Mesye ki vin lakay ou yo, se espyonnen yo vin espyonnen tou sa k'ap fèt nan peyi a, tande! Mete yo deyò lakay ou.
Then the king of Jericho sent to Rahab, saying, Send out the men who have come to you and are in your house; for they have come with the purpose of searching out all the land.
καὶ ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς ἱερῖω καὶ εἶπεν πρὸς ρααβ λέγων ἐξάγαγε τοὺς ἄνδρας τοὺς εἰσπεπορευμένους εἰς τὴν οἰκίαν σου τὴν νύκτα κατασκοπεῦσαι γὰρ τὴν γῆν ἥκασιν
- 4 Men, fanm lan menm pa fè ni de ni twa, li pran de mesye yo, li kache yo. Apre sa, li voye di wa a: -Wi, te gen kèk mesye ki te vin lakay mwen. Mwen pa t' konnen ki bò yo soti.
And the woman took the two men and put them in a secret place; then she said, Yes, the men came to me, but I had no idea where they came from;
καὶ λαβοῦσα ἡ γυνὴ τοὺς ἄνδρας ἔκρυψεν αὐτούς καὶ εἶπεν αὐτοῖς λέγουσα εἰσεληλύθασιν πρὸς με οἱ ἄνδρες
- 5 Men, lè yo tapral fèmen pòtay la apre solèy fin kouche, mesye yo soti, y' ale fè wout yo. Mwen pa konn ki wout yo fè. Si nou fè vit rapouswiv yo, n'a jwenn yo.
And when it was the time for shutting the doors at dark, they went out; I have no idea where the men went: but if you go after them quickly, you will overtake them.
ὡς δὲ ἡ πύλη ἐκλείετο ἐν τῷ σκότει καὶ οἱ ἄνδρες ἐξῆλθον οὐκ ἐπίσταμαι ποῦ πεπόρευνται καταδιώξατε ὀπίσω αὐτῶν εἰ καταλήμψεσθε αὐτούς
- 6 Men madanm lan te fè de mesye yo moute sou teras anwo kay li a, li te kache yo anba youn pakèt kòs bwa ki te blayi atè sou teras la pou yo cheche.
But she had taken them up to the roof, covering them with the stems of flax which she had put out in order there.
αὐτὴ δὲ ἀνεβίβασεν αὐτούς ἐπὶ τὸ δῶμα καὶ ἔκρυψεν αὐτούς ἐν τῇ λινοκαλάμῃ τῇ ἑστοιβασμένη αὐτῇ ἐπὶ τοῦ δώματος
- 7 Sòlda wa yo menm soti sou wout ki mennen larivyè Jouden an, yo pati dèyè mesye yo pou yo pran yo anvan yo rive nan pas la. Soti sòlda yo soti, yo fèmen pòtay la.
So the men went after them on the road to Jordan as far as the river-crossing: and when they had gone out after them, the door into the town was shut.
καὶ οἱ ἄνδρες κατεδίωξαν ὀπίσω αὐτῶν ὁδὸν τὴν ἐπὶ τοῦ ἰορδάνου ἐπὶ τὰς διαβάσεις καὶ ἡ πύλη ἐκλείσθη καὶ ἐγένετο ὡς ἐξῆλθοσαν οἱ διώκοντες ὀπίσω αὐτῶν
- 8 ¶ Anvan mesye yo gen tan dòmi, Rarab moute bò kote yo, sou teras la.
And before the men went to rest, she came up to them on the roof,
καὶ αὐτοὶ δὲ πρὶν ἢ κοιμηθῆναι αὐτούς καὶ αὐτὴ ἀνέβη ἐπὶ τὸ δῶμα πρὸς αὐτούς
- 9 Li di yo: -Mwen konnen Seyè a lage peyi a nan men nou. Mwen rekonèt tout moun pè nou, tout moun nan peyi a pa konn sa pou yo fè devan nou.
And said to them, It is clear to me that the Lord has given you the land, and that the fear of you has come on us;
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς ἐπίσταμαι ὅτι δέδωκεν ὑμῖν κύριος τὴν γῆν ἐπιπέτωκεν γὰρ ὁ φόβος ὑμῶν ἐφ' ἡμᾶς

- 10 Paske, nou tande ki jan Seyè a te cheche dlo Lanmè Wouj la devan nou lè nou t'ap soti kite peyi Lejip la. Nou tande sa nou te fè Siyon ak Og, de wa peyi Amori yo, ki rete lòt bò larivyè Jouden an, jan nou te touye yo pou Seyè a.
For we have had news of how the Lord made the Red Sea dry before you when you came out of Egypt; and what you did to the two kings of the Amorites, on the other side of Jordan, to Sihon and Og, whom you gave up to the curse.
ἀκηκόαμεν γὰρ ὅτι κατεξήρανε κύριος ὁ θεὸς τὴν ἐρυθρὰν θάλασσαν ἀπὸ προσώπου ὑμῶν ὅτε ἐξεπορεύεσθε ἐκ γῆς αἰγύπτου καὶ ὅσα ἐποίησεν τοῖς δυοῖν βασιλευσὶν τῶν αμορραίων οἱ ἦσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου τῶ σιων καὶ ὠγ οὓς ἐξώλεθρεύσατε αὐτούς
- 11 Lè nou tande sa, kè nou fann. Tout moun pèdi kouraj lè yo wè nou, paske Seyè a, Bondye nou an, se li menm vre ki Bondye anwo nan syèl la ak sou latè a.
And because of this news, our hearts became like water, and there was no more spirit in any of us because of you; for the Lord your God is God in heaven on high and here on earth.
καὶ ἀκούσαντες ἡμεῖς ἐξέστημεν τῇ καρδίᾳ ἡμῶν καὶ οὐκ ἔσθη ἔτι πνεῦμα ἐν οὐδενὶ ἡμῶν ἀπὸ προσώπου ὑμῶν ὅτι κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν θεὸς ἐν οὐρανῷ ἄνω καὶ ἐπὶ τῆς γῆς κάτω
- 12 Koulye a, m'ap mande nou pou nou fè sèman devan Seyè a pou nou pwomèt n'ap aji byen avèk fanmi mwen, menm jan mwen aji byen avèk nou tou. Men sa m'ap mande nou pou nou fè pou mwen.
So now, will you give me your oath by the Lord, that, because I have been kind to you, you will be kind to my father's house,
καὶ νῦν ὁμῶσατέ μοι κύριον τὸν θεόν ὅτι ποιῶ ὑμῖν ἔλεος καὶ ποιήσετε καὶ ὑμεῖς ἔλεος ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς μου
- 13 Tanpri, sove lavi manman m' ak papa m', sove lavi frè m' yo ak sè m' yo ansanm ak tout fanmi m' yo. Pa kite yo touye nou.
And that you will keep safe my father and mother and my brothers and sisters and all they have, so that death may not come on us?
καὶ ζογρήσετε τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς μου καὶ τὴν μητέρα μου καὶ τοὺς ἀδελφούς μου καὶ πάντα τὸν οἶκόν μου καὶ πάντα ὅσα ἐστὶν αὐτοῖς καὶ ἐξελείψθε τὴν ψυχὴν μου ἐκ θανάτου
- 14 Mesye yo reponn li. -Nou pwomèt ou n'a pito mouri nou menm pase pou n' kite yo touye ou. Si ou pa di pesonn sa nou vin fè isit la, lè Seyè a va ban nou peyi a, n'a aji byen avè ou, n'a kenbe pawòl nou.
And the men said to her, Our life for yours if you keep our business secret; and when the Lord has given us the land, we will keep faith and be kind to you.
καὶ εἶπαν αὐτῇ οἱ ἄνδρες ἡ ψυχὴ ἡμῶν ἀνθ' ὑμῶν εἰς θάνατον καὶ αὐτὴ εἶπεν ὡς ἂν παραδῶ κύριος ὑμῖν τὴν πόλιν ποιήσετε εἰς ἐμὲ ἔλεος καὶ ἀλήθειαν
- 15 Rarab te rete nan yon kay ki te bati nan miray ranpa lavil la. Se konsa, li file yon kòd desann nan fennèt lakay li a, li fè mesye yo desann sou deyò.
Then she let them down from the window by a cord, for the house where she was living was on the town wall.
καὶ κατεχάλασεν αὐτούς διὰ τῆς θυρίδος
- 16 Li di yo: -Ale nan mòn yo pou nou pa kontre ak moun yo voye dèyè nou yo. N'a rete kache la pandan twa jou. Sa va ba yo tan pou yo tounen. Apre sa, nou mèl al fè wout nou.
And she said to them, Get away into the hill-country, or the men who have gone after you will overtake you; keep yourselves safe there for three days, till the searchers have come back, and then go on your way.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς εἰς τὴν ὄρεινὴν ἀπέλθετε μὴ συναντήσωσιν ὑμῖν οἱ καταδιώκοντες καὶ κρυβήσεσθε ἐκεῖ τρεῖς ἡμέρας ἕως ἂν ἀποστρέψωσιν οἱ καταδιώκοντες ὀπίσω ὑμῶν καὶ μετὰ ταῦτα ἀπελεύσεσθε εἰς τὴν ὄδὸν ὑμῶν
- 17 Mesye yo di l': -N'ap kenbe pwomès ou te fè nou fè ou la.
And the men said to her, We will only be responsible for this oath which you have made us take,
καὶ εἶπαν οἱ ἄνδρες πρὸς αὐτὴν ἄθῳοι ἐσμεν τῷ ὅρκῳ σου τούτῳ
- 18 Tande byen. Lè n'a anvayi peyi a, w'a mare kòdon wouj sa a nan fennèt kote ou fè nou desann lan. W'a pran manman ou ak papa ou, frè ou yo ak tout lòt moun ki nan fanmi ou lan, w'a fè yo reyini lakay ou.
If, when we come into the land, you put this cord of bright red thread in the window from which you let us down; and get your father and mother and your brothers and all your family into the house;
ἰδοὺ ἡμεῖς εἰσπορευόμεθα εἰς μέρος τῆς πόλεως καὶ θήσεις τὸ σημεῖον τὸ σπαρτίον τὸ κόκκινον τοῦτο ἐκδήσεις εἰς τὴν θυρίδα δι' ἧς κατεβίβασας ἡμᾶς δι' αὐτῆς τὸν δὲ πατέρα σου καὶ τὴν μητέρα σου καὶ τοὺς ἀδελφούς σου καὶ πάντα τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς σου συναΐξεις πρὸς σεαυτὴν εἰς τὴν οἰκίαν σου
- 19 Lè sa a, nenpòt kilès ladan yo ki va soti lakay ou, sa ki rive l' se pa l'. Se p'ap fòt nou. Men, si anyen rive yon moun andedan lakay ou, se va fòt pa nou.
Then if anyone goes out of your house into the street, his blood will be on his head, we will not be responsible; but if any damage comes to anyone in the house, his blood will be on our heads.
καὶ ἔσται πᾶς ὃς ἂν ἐξέλθῃ τὴν θύραν τῆς οἰκίας σου ἔξω ἔνοχος ἑαυτῷ ἔσται ἡμεῖς δὲ ἄθῳοι τῷ ὅρκῳ σου τούτῳ καὶ ὅσοι ἐὰν γένωνται μετὰ σοῦ ἐν τῇ οἰκίᾳ σου ἡμεῖς ἔνοχοι ἐσόμεθα
- 20 Konsa tou, si ou di yon moun sa nou te vin fè a, nou p'ap gen ankenn obligasyon kenbe pwomès nou te fè ou la ankò.
But if you say anything about our business here, then we will be free from the oath you have made us take.
ἐὰν δὲ τις ἡμᾶς ἀδικήσῃ ἢ καὶ ἀποκαλύψῃ τοὺς λόγους ἡμῶν τούτους ἐσόμεθα ἄθῳοι τῷ ὅρκῳ σου τούτῳ
- 21 Fanm lan di yo: -Mwen dakò ak sa nou di a! Epi li voye yo ale, yo pati. Apre sa, li pran ti kòdon wouj la, li mare l' nan fennèt la.
And she said, Let it be as you say. Then she sent them away, and they went; and she put the bright red cord in the window.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς κατὰ τὸ ῥῆμα ὑμῶν οὕτως ἔστω καὶ ἐξαπέστειλεν αὐτούς

- 22 ¶ De mesye yo menm ale, yo rive nan mòn yo. Yo rete kache la pandan twa jou. Moun yo te voye dèyè yo menm t'ap chache yo sou tout wout la, men yo pa jwenn yo. Bout pou bout, yo tounen lavil Jeriko.
And they went into the hill-country and were there three days, till the men who had gone after them had come back; and those who went after them were searching for them everywhere without coming across them.
καὶ ἐπορεύθησαν καὶ ἤλθοσαν εἰς τὴν ὄρεινὴν καὶ κατέμειναν ἐκεῖ τρεῖς ἡμέρας καὶ ἐξεζήτησαν οἱ καταδιώκοντες πάσας τὰς ὁδοὺς καὶ οὐχ εὗροσαν
- 23 Lè sa a, de mesye yo tounen, yo desann soti nan mòn yo, yo janbe larivyè Jouden an, y' al jwenn Jozye, pitit Noun lan, yo rakonte l' tou sa ki te rive yo.
Then the two men came down from the hill-country and went over and came back to Joshua, the son of Nun; and they gave him a complete account of what had taken place.
καὶ ὑπέστρεψαν οἱ δύο νεανίσκοι καὶ κατέβησαν ἐκ τοῦ ὄρους καὶ διέβησαν πρὸς ἰησοῦν υἱὸν ναυη καὶ διηγήσαντο αὐτῷ πάντα τὰ συμβεβηκότα αὐτοῖς
- 24 Yo di l' konsa: -Seyè a lage tout peyi a nan men nou. Tout moun nan peyi a ap tranble tèlman yo pè nou.
And they said to Joshua, Truly, the Lord has given all the land into our hands; and all the people of the land have become like water because of us.
καὶ εἶπαν πρὸς ἰησοῦν ὅτι παρέδωκεν κύριος πᾶσαν τὴν γῆν ἐν χειρὶ ἡμῶν καὶ κατέπηκεν πᾶς ὁ κατοικῶν τὴν γῆν ἐκείνην ἅφ' ἡμῶν
- 1 ¶ Jozye leve granmaten, epi li menm ansanm ak tout pèp Izrayèl la yo kite Sitim kote yo te ye a, yo rive devan larivyè Jouden an. Epi yo pase nwit lan la anvan yo janbe lòt bò a.
Then Joshua got up early in the morning, and, moving on from Shittim, he and all the children of Israel came to Jordan and were there for the night before going over.
καὶ ὄρθρισεν ἰησοῦς τὸ πρωὶ καὶ ἀπῆραν ἐκ σαττιν καὶ ἤλθοσαν ἕως τοῦ ἰορδάνου καὶ κατέλυσαν ἐκεῖ πρὸ τοῦ διαβῆναι
- 2 Twa jou apre sa, chèf yo mache nan tout kan an.
And at the end of three days, the men in authority over the people went through the tents,
καὶ ἐγένετο μετὰ τρεῖς ἡμέρας διήλθον οἱ γραμματεῖς διὰ τῆς παρεμβολῆς
- 3 Yo t'ap bay pèp la lòd sa pou yo fè. Yo t'ap di yo: -Lè n'a wè prèt yo ak moun Levi yo leve Bwat Kontra Seyè a, Bondye nou an, pou yo pati, n'a fè pakèt nou pou nou ka swiv yo.
Giving the people their orders, and saying, When you see the ark of the agreement of the Lord your God lifted up by the priests, the Levites, then get up from your places and go after it;
καὶ ἐνετείλαντο τῷ λαῷ λέγοντες ὅταν ἴδητε τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν καὶ τοὺς ἱερεῖς ἡμῶν καὶ τοὺς λευίτας αἴροντας αὐτὴν ἀπαρεῖτε ἀπὸ τῶν τόπων ὑμῶν καὶ πορεύεσθε ὅτι σο αὐτῆς
- 4 Se konsa n'a konnen ki wout pou nou pran, paske nou poko janm pase bò isit la. Men, piga nou pwoche twò pre Bwat Kontra a. N'a kite yon distans senksan (500) mètr konsa ant li ak nou.
But let there be a space between you and it of about two thousand cubits: come no nearer to it, so that you may see the way you have to go, for you have not been over this way before.
ἀλλὰ μακρὰν ἔστω ἀνὰ μέσον ὑμῶν καὶ ἐκείνης ὅσον δισχιλίους πήχεις στήσεσθε μὴ προσεγγίσετε αὐτῇ ἵν' ἐπίστησθε τὴν ὁδὸν ἣν πορεύεσθε αὐτὴν οὐ γὰρ πεπόρευσθε τὴν ὁδὸν ἀπ' ἐχθῆς καὶ τρίτης ἡμέρας
- 5 Apre sa, Jozye di pèp la: -Mete nou nan kondisyon pou nou fè sèvis pou Bondye, paske denmen Seyè a pral fè mènèy devan je nou.
And Joshua said to the people, Make yourselves holy, for tomorrow the Lord will do works of wonder among you.
καὶ εἶπεν ἰησοῦς τῷ λαῷ ἁγνίσασθε εἰς αὔριον ὅτι αὔριον ποιήσει ἐν ὑμῖν κύριος θαυμαστά
- 6 Jozye pale ak prèt yo, li di yo: -Pran Bwat Kontra a, epi pran devan pèp la sou wout la. Prèt yo pran Bwat Kontra a, epi yo pran devan pèp la.
Then Joshua said to the priests, Take up the ark of the agreement and go over in front of the people. So they took up the ark of the agreement and went in front of the people.
καὶ εἶπεν ἰησοῦς τοῖς ἱερεῦσιν ἄρατε τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου καὶ προπορεύεσθε τοῦ λαοῦ καὶ ἦραν οἱ ἱερεῖς τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου καὶ ἐπορεύοντο ἔμπροσθεν τοῦ λαοῦ
- 7 ¶ Seyè a di Jozye konsa: -Sa mwen pral fè jòdi a pral fè tout pèp Izrayèl la respekte ou tankou yon grannèg. Yo pral konnen mwen kanpe la avè ou menm jan mwen te kanpe avèk Moyiz.
And the Lord said to Joshua, From now on I will give you glory in the eyes of all Israel, so that they may see that, as I was with Moses, so I will be with you.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ ἄρχομαι ὑψῶσαί σε κατενώπιον πάντων υἱῶν ἰσραηλ ἵνα γινώσκῃ καθότι ἤμην μετὰ μουσῆ οὕτως ἔσομαι καὶ μετὰ σοῦ
- 8 Ou menm, pase prèt k'ap pote Bwat Kontra a lòd sa a. Di yo lè y'a rive bò rivyè a, y'a antre nan dlo a, epi y'a rete toupre rivaj la.
And you are to give orders to the priests who take up the ark of the agreement, and say, When you come to the edge of the waters of Jordan, go no further.
καὶ νῦν ἐντείλαι τοῖς ἱερεῦσιν τοῖς αἴρουσιν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης λέγων ὡς ἂν εἰσέλθῃτε ἐπὶ μέρος τοῦ ὕδατος τοῦ ἰορδάνου καὶ ἐν τῷ ἰορδάνῃ στήσεσθε
- 9 Lè sa a, Jozye di moun pèp Izrayèl la: -Pwoche non: Vin tande sa Seyè a, Bondye nou an, gen pou di nou.
And Joshua said to the children of Israel, Come to me here: and give ear to the words of the Lord your God.
καὶ εἶπεν ἰησοῦς τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ προσαγάγετε ὄδε καὶ ἀκούσατε τὸ ῥῆμα κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν

- 10 Lèfini, Jozye di yo konsa: -Jòdi a, nou pral konnen Seyè a, Bondye vivan an, nan mitan nou vre. Li pral chase devan nou moun Kanaran yo, moun Et yo, moun Evi yo, moun Ferezi yo, moun Gigach yo, moun Amori yo, moun Jebis yo.
 And Joshua said, By this you will see that the living God is among you, and that he will certainly send out from before you the Canaanite and the Hittite and the Hivite and the Perizzite and the Girgashite and the Amorite and the Jebusite.
 ἐν τούτῳ γνώσεσθε ὅτι θεὸς ζῶν ἐν ὑμῖν καὶ ὀλεθρεύων ὀλεθρεύσει ἀπὸ προσώπου ἡμῶν τὸν χαναναῖον καὶ τὸν χετταῖον καὶ τὸν φερεζαῖον καὶ τὸν ευαῖον καὶ τὸν αμορραῖον καὶ τὸν γεργεσαῖον καὶ τὸν ιεβουσαῖον
- 11 Bwat Kontra Mèt tout latè a pral janbe lèt bò larivyè Jouden an anvan nou.
 See, the ark of the agreement of the Lord of all the earth is going over before you into Jordan.
 ἰδοὺ ἡ κιβωτὸς διαθήκης κυρίου πάσης τῆς γῆς διαβαίνει τὸν ιορδάνην
- 12 Chwazi douzòm, yonn nan chak branch fanmi pèp Izrayèl la.
 So take twelve men out of the tribes of Israel, a man from every tribe.
 προχειρίσασθε ὑμῖν δώδεκα ἄνδρας ἀπὸ τῶν οὐσῶν ἰσραηλ ἓνα ἀφ' ἑκάστης φυλῆς
- 13 Lè prèt k'ap pote Bwat Kontra Seyè a, Mèt tout latè a, va mete pye yo nan dlo larivyè Jouden an, larivyè a pral sispann koule desann, dlo a pral gonfle yon sèl kote bò tèt dlo a.
 And when the feet of the priests who take up the ark of the Lord, the Lord of all the earth, come to rest in the waters of Jordan, the waters of Jordan will be cut off, all the waters flowing down from higher up, and will come together in a mass.
 καὶ ἔσται ὡς ἂν καταπαύσωσιν οἱ πόδες τῶν ἱερέων τῶν αἰρόντων τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου πάσης τῆς γῆς ἐν τῷ ὕδατι τοῦ ιορδάνου τὸ ὕδωρ τοῦ ιορδάνου ἐκλείψει τὸ δὲ ὕδωρ τὸ καταβαῖν ὄν στήσεται
- 14 ¶ Se konsa, pèp la leve, yo kite kote yo te ye a. Yo pati pou janbe lèt bò larivyè Jouden an. Prèt yo pran devan pèp la avèk Bwat Kontra a.
 So when the people went out from their tents to go over Jordan, the priests who took up the ark of the agreement were in front of the people;
 καὶ ἀπῆρεν ὁ λαὸς ἐκ τῶν σκηνομάτων αὐτῶν διαβῆναι τὸν ιορδάνην οἱ δὲ ἱερεῖς ἤρσαν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου πρότεροι τοῦ λαοῦ
- 15 Se te sezon rekòt, rivyè a t'ap desann, li te gonfle moute sou tout rivaj la. Lè prèt ki t'ap pote Bwat Kontra a rive bò larivyè Jouden an, yo mete pye yo nan dlo a.
 And when those who took up the ark came to Jordan, and the feet of the priests who took up the ark were touching the edge of the water (for the waters of Jordan are overflowing all through the time of the grain-cutting),
 ὡς δὲ εἰσπορεύοντο οἱ ἱερεῖς οἱ αἰρόντες τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης ἐπὶ τὸν ιορδάνην καὶ οἱ πόδες τῶν ἱερέων τῶν αἰρόντων τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου ἐβάφησαν εἰς μέρος τοῦ ὕδατος τοῦ ιορδάνου ὁ δὲ ιορδάνης ἐπλήρου καθ' ὅλην τὴν κρηπίδα αὐτοῦ ὡσεὶ ἡμέραι θερισμοῦ πυρῶν
- 16 Dlo ki t'ap koule desann lan sispann koule. Li gonfle yon sèl bò, bò anwo byen lwen, jouk Adam, lavil ki te toupre Zaretan an. Pa t' gen dlo ki t'ap koule desann nan lanmè Mouri a ankò. Se konsa pèp la janbe lèt bò larivyè a toupre lavil Jeriko.
 Then the waters flowing down from higher up were stopped and came together in a mass a long way back at Adam, a town near Zarethan; and the waters flowing down to the sea of the Arabah, the Salt Sea, were cut off: and the people went across opposite Jericho.
 καὶ ἔστη τὰ ὕδατα τὰ καταβαίνοντα ἄνωθεν ἔστη πῆγμα ἐν ἀφῆσθηκός μακρὰν σφόδρα σφοδρῶς ἕως μέρους καριαθαρμ τὸ δὲ καταβαῖνον κατέβη εἰς τὴν θάλασσαν ἀραβα θάλασσαν ἄλός ἕως εἰς τὸ τέλος ἐξέλιπεν καὶ ὁ λαὸς εἰσῆκει ἀπέναντι ἱεριχω
- 17 Pandan pèp la t'ap janbe lèt bò san tak dlo pa mouye pye yo, prèt yo te rete kanpe nan mitan larivyè a avèk Bwat Kontra a. Pa t' gen tak dlo kote yo te ye a. Yo rete kanpe la jouk tout pèp la te fin pase nèt.
 And the priests who took up the ark of the agreement of the Lord kept their places, with their feet on dry land in the middle of Jordan, while all Israel went over on dry land, till all the nation had gone over Jordan.
 καὶ ἔστησαν οἱ ἱερεῖς οἱ αἰρόντες τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου ἐπὶ ξηρᾶς ἐν μέσῳ τοῦ ιορδάνου καὶ πάντες οἱ υἱοὶ ἰσραηλ διεβάνον διὰ ξηρᾶς ἕως συνετέλεσεν πᾶς ὁ λαὸς διαβαῖων τὸν ιορδάνην
- 1 ¶ Lè tout moun fin janbe lèt bò larivyè Jouden an, Seyè a pale ak Jozye. Li di l' konsa:
 Now when all the nation had come to the other side of Jordan, the Lord said to Joshua,
 καὶ ἐπεὶ συνετέλεσεν πᾶς ὁ λαὸς διαβαῖων τὸν ιορδάνην καὶ εἶπεν κύριος τῷ ἰησοῖ λέγων
- 2 -Chwazi douzòm, yonn nan chak branch fanmi yo.
 Take twelve men from the people, a man for every tribe,
 παραλαβὼν ἄνδρας ἀπὸ τοῦ λαοῦ ἓνα ἀφ' ἑκάστης φυλῆς

- 3 W'a ba yo lòd pou yo chak pran yon wòch nan mitan larivyè Jouden an, kote prèt yo te kanpe a. Y'a pran douz wòch sa yo, y'a pote yo lòt bò larivyè a. N'a mete yo kote nou pral moute tant nou yo aswè a.
 And say to them, Take up from the middle of Jordan, from the place where the feet of the priests were resting, twelve stones, and take them over with you and put them down in the place where you take your rest tonight.
 σύνταξον αὐτοῖς λέγων ἀνέλεσθε ἐκ μέσου τοῦ ἰορδάνου ἐτοιμοὺς δώδεκα λίθους καὶ τούτους διακομίσαντες ἅμα ὑμῖν αὐτοῖς θέτε αὐτοὺς ἐν τῇ στρατοπεδείᾳ ὑμῶν οὗ ἂν παρεμβάλητε ἐκεῖ τὴν νύκτα
- 4 Lè sa a, Jozye fè rele douz mesye li te chwazi pami moun pèp Izrayèl yo, yonn pou chak branch fanmi yo.
 So Joshua sent for the twelve men, whom he had ready, one man out of every tribe of the children of Israel,
 καὶ ἀνακαλεσάμενος ἰησοῦς δώδεκα ἄνδρας τῶν ἐνδόξων ἀπὸ τῶν υἰῶν ἰσραὴλ ἓνα ἀφ' ἑκάστης φυλῆς
- 5 Epi li di yo: -Ale devan Bwat Kontra Seyè a, Bondye nou an, ki nan mitan larivyè a. Chak moun va pran yon wòch mete sou zepòl yo, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la.
 And he said to them, Go over before the ark of the Lord your God into the middle of Jordan, and let every one of you take up a stone on his back, one for every tribe of the children of Israel:
 εἶπεν αὐτοῖς προσαγάγετε ἔμπροσθέν μου πρὸ προσώπου κυρίου εἰς μέσον τοῦ ἰορδάνου καὶ ἀνελόμενος ἐκεῖθεν ἕκαστος λίθον ἄράτω ἐπὶ τῶν ὤμων αὐτοῦ κατὰ τὸν ἀριθμὸν τῶν δώδεκα φυλῶν τοῦ ἰσραὴλ
- 6 Wòch sa yo va sèvi pou fè pèp la chonje sa Seyè a te fè pou yo. Denmen, lè pitit nou yo va mande nou kisa wòch sa yo vle di pou nou,
 So that this may be a sign among you; when your children say to you in time to come, What is the reason for these stones?
 ἵνα ὑπάρχωσιν ὑμῖν οὗτοι εἰς σημεῖον κείμενον διὰ παντός ἵνα ὅταν ἐρωτᾷ σε ὁ υἱός σου αὔριον λέγων τί εἰσιν οἱ λίθοι οὗτοι ὑμῖν
- 7 n'a reponn yo: Dlo larivyè Jouden an te sispann koule devan Bwat Kontra Seyè a. Wòch sa yo la pou pèp Izrayèl la ka toujou chonje dlo larivyè Jouden an te sispann koule lè yo t'ap janbe lòt bò larivyè a.
 Then you will say to them, Because the waters of Jordan were cut off before the ark of the Lord's agreement; when it went over Jordan the waters of Jordan were cut off: and these stones will be a sign for the children of Israel, keeping it in their memory for ever.
 καὶ σὺ δηλώσεις τῷ υἱῷ σου λέγων ὅτι ἐξέλιπεν ὁ ἰορδάνης ποταμὸς ἀπὸ προσώπου κιβωτοῦ διαθήκης κυρίου πάσης τῆς γῆς ὡς διέβαινεν αὐτόν καὶ ἔσονται οἱ λίθοι οὗτοι ὑμῖν μνημόσυνον τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ ἕως τοῦ αἰῶνος
- 8 Mesye yo fè sa Jozye te ba yo lòd fè a. Jan Seyè a te di Jozye, yo pran douz wòch nan mitan larivyè Jouden an, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la, yo pote yo avèk yo lòt bò rivyè a. Yo mete yo kote yo moute tant yo pou pase nwit lan.
 So the children of Israel did as Joshua gave them orders, and took twelve stones from the middle of Jordan, as the Lord had said to Joshua, one for every tribe of the children of Israel; these they took across with them to their night's resting-place and put them down there.
 καὶ ἐποίησαν οὕτως οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ καθότι ἐνετείλατο κύριος τῷ ἰησοῖ καὶ λαβόντες δώδεκα λίθους ἐκ μέσου τοῦ ἰορδάνου καθάπερ συνέταξεν κύριος τῷ ἰησοῖ ἐν τῇ συντελείᾳ τῆς διαβάσεως τῶν υἰῶν ἰσραὴλ καὶ διεκόμισαν ἅμα ἑαυτοῖς εἰς τὴν παρεμβολὴν καὶ ἀπέθηκαν ἐκεῖ
- 9 Apre sa, Jozye pran douz lòt wòch, li mete yo kanpe nan mitan larivyè a, kote prèt ki t'ap pote Bwat Kontra yo te kanpe a. Wòch yo la jouk koulye a.
 And Joshua put up twelve stones in the middle of Jordan, where the feet of the priests who took up the ark of the agreement had been placed: and there they are to this day.
 ἔστησεν δὲ ἰησοῦς καὶ ἄλλους δώδεκα λίθους ἐν αὐτῷ τῷ ἰορδάνῃ ἐν τῷ γενομένῳ τόπῳ ὑπὸ τοὺς πόδας τῶν ἱερέων τῶν αἰρόντων τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου καὶ εἰσιν ἐκεῖ ἕως τῆς σήμερον ἡ μέρας
- 10 ¶ Prèt yo te rete kanpe avèk Bwat Kontra a sou zepòl yo, nan mitan larivyè a jouk yo fin fè tout sa Seyè a te bay lòd pou pèp la te fè, jan Moyiz te mande pou Jozye fè l' la. Se konsa, pèp la prese janbe lòt bò larivyè a.
 For the priests who took up the ark kept there in the middle of Jordan till all the orders given to Joshua by Moses from the Lord had been done: then the people went over quickly.
 εἰστήκεισαν δὲ οἱ ἱερεῖς οἱ αἰρόντες τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης ἐν τῷ ἰορδάνῃ ἕως οὗ συνετέλεσεν ἰησοῦς πάντα ἃ ἐνετείλατο κύριος ἀναγγεῖλαι τῷ λαῷ καὶ ἔσπευσεν ὁ λαὸς καὶ διέβησαν
- 11 Lè yo tout fin pase, prèt yo fè rès travès a ak Bwat Kontra Seyè a, epi yo pran devan pèp la ankò.
 And when all the people had come to the other side, the ark of the Lord went over, and the priests, before the eyes of the people.
 καὶ ἐγένετο ὡς συνετέλεσεν πᾶς ὁ λαὸς διαβῆναι καὶ διέβη ἡ κιβωτὸς τῆς διαθήκης κυρίου καὶ οἱ λίθοι ἔμπροσθεν αὐτῶν
- 12 Premye moun ki te janbe lòt bò larivyè a, devan tout pèp la se te gason branch fanmi Woubenn yo, gason branch fanmi Gad yo ak mwatye nan gason branch fanmi Manase yo, jan Moyiz te di yo a. Yo te tou pare pou fè lagè.
 And the children of Reuben and the children of Gad and the half-tribe of Manasseh went over armed before the children of Israel as Moses had said to them:
 καὶ διέβησαν οἱ υἱοὶ ρουβὴν καὶ οἱ υἱοὶ γαδ καὶ οἱ ἡμίσεις φυλῆς μανασση διεσκευασμένοι ἔμπροσθεν τῶν υἰῶν ἰσραὴλ καθάπερ ἐνετείλατο αὐτοῖς μουσῆς
- 13 Jou sa a, te gen antou karantmil (40.000) gason tou pare pou fè lagè ki te janbe al nan plenn Jeriko yo, devan je Seyè a.
 About forty thousand armed for war went over before the Lord to the fight, to the lowlands of Jericho.
 τετρακισμύριοι εὐζῶνοι εἰς μάχην διέβησαν ἐναντίον κυρίου εἰς πόλεμον πρὸς τὴν ἱερὴν πόλιν

- 14 Sa Seyè a te fè jou sa a te fè tout pèp Izrayèl la pran Jozye pou yon grannèg vre. Depi lè sa a yo respekte msye jouk li mouri, menm jan yo te respekte Moyiz la.
That day the Lord made Joshua great in the eyes of all Israel; and all the days of his life they went in fear of him, as they had gone in fear of Moses.
ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ ἠύξησεν κύριος τὸν ἰησοῦν ἐναντίον παντὸς τοῦ γένους ἰσραὴλ καὶ ἐφοβοῦντο αὐτὸν ὡσπερ μουσῆν ὅσον χρόνον ἔζη
- 15 Apre sa, Seyè a pale ak Jozye, li di l' konsa:
Then the Lord said to Joshua,
καὶ εἶπεν κύριος τῷ ἰησοῖ λέγων
- 16 -Bay prèt k'ap pote Bwat Kontra a lòd pou yo soti nan larivyè Jouden an.
Give orders to the priests who take up the ark of witness, to come up out of Jordan.
ἐντεταίται τοῖς ἱερεῦσιν τοῖς αἰρουσιν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης τοῦ μαρτυρίου κυρίου ἐκβῆναι ἐκ τοῦ ἰορδάνου
- 17 Jozye pale ak prèt yo, li ba yo lòd sa a: -Moute soti nan larivyè Jouden an.
So Joshua gave orders to the priests, saying, Come up now out of Jordan.
καὶ ἐνετείλατο ἰησοῦς τοῖς ἱερεῦσιν λέγων ἐκβητε ἐκ τοῦ ἰορδάνου
- 18 Soti prèt yo soti nan larivyè a, lè pye yo touche tè sèk sou rivaj la, dlo larivyè a konmanse koule ankò jan li te toujou koule anvan an. Li gonfle moute rive jouk sou rivaj li yo.
And when the priests who took up the ark of the Lord's agreement came up out of Jordan and their feet came out on to dry land, the waters of Jordan went back to their place, overflowing its edges as before.
καὶ ἐγένετο ὡς ἐξέβησαν οἱ ἱερεῖς οἱ αἰροντες τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου ἐκ τοῦ ἰορδάνου καὶ ἔθηκαν τοὺς πόδας ἐπὶ τῆς γῆς ὄρμησεν τὸ ὕδωρ τοῦ ἰορδάνου κατὰ χώραν καὶ ἐπορεύετο καθὰ ἐχθές καὶ τρίτην ἡμέραν δι' ὅλης τῆς κρηπίδος
- 19 Jou pèp la te janbe lòt bò larivyè Jouden an, se te dizyèm jou nan premye mwa a. Y' al moute tant yo yon kote ki rele Gilgal, ki te sou bò solèy leve lavil Jeriko.
So on the tenth day of the first month the people came up out of Jordan, and put up their tents in Gilgal, on the east side of Jericho.
καὶ ὁ λαὸς ἀνέβη ἐκ τοῦ ἰορδάνου δεκάτῃ τοῦ μηνὸς τοῦ πρώτου καὶ κατεστρατοπέδευσαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐν γαλγαλοῖς κατὰ μέρος τὸ πρὸς ἡλίου ἀνατολᾶς ἀπὸ τῆς ἱεριχω
- 20 ¶ Se la Jozye pran douz wòch yo te pran nan mitan larivyè Jouden an, li mete yo kanpe fè yon wonn.
And the twelve stones which they took out of Jordan, Joshua put up in Gilgal.
καὶ τοὺς δώδεκα λίθους τοῦτους οὗς ἔλαβεν ἐκ τοῦ ἰορδάνου ἔστησεν ἰησοῦς ἐν γαλγαλοῖς
- 21 Lè l' fini, li di moun pèp Izrayèl yo konsa: -Denmen, lè pitit nou yo va mande papa yo poukisa wòch sa yo la a,
And he said to the children of Israel, When your children say to their fathers in time to come, What is the reason for these stones?
λέγων ὅταν ἐρωτῶσιν ὑμᾶς οἱ υἱοὶ ὑμῶν λέγοντες τί εἰσιν οἱ λίθοι οὗτοι
- 22 n'a fè pitit nou yo konnen pèp Izrayèl la te janbe lòt bò larivyè Jouden an san pye yo pa t' mouye.
Then give your children the story, and say, Israel came over this river Jordan on dry land.
ἀναγγεῖλατε τοῖς υἱοῖς ὑμῶν ὅτι ἐπὶ ξηρᾶς διέβη ἰσραὴλ τὸν ἰορδάνην
- 23 Paske Seyè a, Bondye nou an, te cheche dlo larivyè Jouden an devan nou jouk nou tout fin pase, menm jan li te cheche Lanmè Wouj la devan zansèt nou yo jouk yo tout te fin pase.
For the Lord your God made the waters of Jordan dry before you till you had gone across, as he did to the Red Sea, drying it up before us till we had gone across:
ἀποξηράναντος κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν τὸ ὕδωρ τοῦ ἰορδάνου ἐκ τοῦ ἔμπροσθεν αὐτῶν μέχρι οὗ διέβησαν καθάπερ ἐποίησεν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν τὴν ἐρυθρὰν θάλασσαν ἣν ἀπεξήραναν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἔμπροσθεν ἡμῶν ἕως παρήλθομεν
- 24 Se poutèt sa, tout moun sou latè va konnen jan Seyè a gen pouvwa, lèfini nou menm n'a toujou gen krentif pou Seyè a, Bondye nou an.
So that all the peoples of the earth may see that the hand of the Lord is strong; and that they may go in fear of the Lord your God for ever.
ὅπως γνῶσιν πάντα τὰ ἔθνη τῆς γῆς ὅτι ἡ δύναμις τοῦ κυρίου ἰσχυρά ἐστίν καὶ ἵνα ἡμεῖς σέβησθε κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν ἐν παντὶ χρόνῳ
- 1 ¶ Lè tout wa peyi Amori yo ki te rete lòt bò larivyè Jouden sou bò solèy kouche a ansanm ak tout wa peyi Kanaran yo ki te rete sou tout rivaj gwo lanmè Mediterane a vin konnen Seyè a te cheche dlo larivyè Jouden an pou pèp Izrayèl la te pase larivyè a, yo vin pè anpil, yo pèdi tout kouraj yo devan pèp Izrayèl la.
Now when the news came to all the kings of the Amorites on the west side of Jordan, and all the kings of the Canaanites living by the sea, how the Lord had made the waters of Jordan dry before the children of Israel, till they had gone across, their hearts became like water, and there was no more spirit in them, because of the children of Israel.
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσαν οἱ βασιλεῖς τῶν ἀμορραίων οἱ ἦσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου καὶ οἱ βασιλεῖς τῆς φοινίκης οἱ παρὰ τὴν θάλασσαν ὅτι ἀπεξήραναν κύριος ὁ θεὸς τὸν ἰορδάνην ποταμὸν ἐκ τῶν ἔμπροσθεν τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἐν τῷ διαβαίνειν αὐτούς καὶ ἐτάκησαν αὐτῶν αἱ διάνοιαι καὶ κατεπλάγησαν καὶ οὐκ ἦν ἐν αὐτοῖς φρόνησις οὐδεμία ἀπὸ προσώπου τῶν υἱῶν ἰσραὴλ

- 2 Lè sa a, Seyè a pale ak Jozye, li di l' konsa: -Pran wòch dife, kase yo fè zenglen pou sikonsi gason pèp Izrayèl ki fèt nan dezè a.
At that time the Lord said to Joshua, Make yourself stone knives and give the children of Israel circumcision a second time.
 ὑπὸ δὲ τούτων τὸν καιρὸν εἶπεν κύριος τῷ ἰησοῖ ποιήσον σεαυτῷ μαχαίρας πετρίνας ἐκ πέτρας ἀκροτόμου καὶ καθίσας περιέτεμε τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ.
- 3 Se konsa, Jozye fè yon bann zenglen wòch byen file, li sikonsi tout gason pèp Izrayèl la yon kote yo rele Bit po ti kòk.
So Joshua made stone knives and gave the children of Israel circumcision at Gibeath-ha-araloth.
 καὶ ἐποίησεν ἰησοῦς μαχαίρας πετρίνας ἀκροτόμους καὶ περιέτεμεν τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ ἐπὶ τοῦ καλουμένου τόπου βουνὸς τῶν ἀκροβουστιῶν
- 4 Li te fè sa paske tout gason ki te gen laj pou yo pote zam lè yo te soti kite peyi Lejip la te mouri nan dezè a pandan yo t'ap vwayaje a.
And this is the reason why Joshua did so: all the males of the people who came out of Egypt, all the fighting-men, had been overtaken by death in the waste land on the way, after they came out of Egypt.
 ὃν δὲ τρόπον περιεκάθαρεν ἰησοῦς τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ ὅσοι ποτὲ ἐγένοντο ἐν τῇ ὁδῷ καὶ ὅσοι ποτὲ ἀπερίμητοι ἦσαν τῶν ἐξεληλυθότων ἐξ αἰγύπτου
- 5 Tout gason ki te vivan lè yo te soti kite peyi Lejip la te sikonsi. Men, ankenn nan gason ki te fèt pandan yo t'ap vwayaje nan dezè a pa t' ankò sikonsi.
All the people who came out had undergone circumcision; but all the people whose birth had taken place in the waste land on their journey from Egypt had not.
 πάντας τούτους περιέτεμεν ἰησοῦς
- 6 Pèp Izrayèl la te pase karantan ap vwayaje nan dezè a. Pandan tout tan sa a, tout gason ki te gen laj pou fè lagè lè yo te soti kite peyi Lejip la te mouri, paske yo pa t' koute Seyè a lè li te pale yo. Se konsa li te di yo li pa t'ap kite yo yonn wè peyi li te pwomèt li t'ap bay zansèt yo a, bon peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo a.
For the children of Israel were wandering in the waste land for forty years, till all the nation, that is, all the fighting-men, who had come out of Egypt, were dead, because they did not give ear to the voice of the Lord: to whom the Lord said, with an oath, that he would not let them see the land which the Lord had given his word to their fathers to give us, a land flowing with milk and honey.
 τεσσαράκοντα γὰρ καὶ δύο ἔτη ἀνέστραπται ἰσραηλ ἐν τῇ ἐρήμῳ τῇ μαδβαρίτιδι διὸ ἀπερίμητοι ἦσαν οἱ πλείστοι αὐτῶν τῶν μαχίμων τῶν ἐξεληλυθότων ἐκ γῆς αἰγύπτου οἱ ἀπειθήσαντες τῶν ἐντολῶν τοῦ θεοῦ οἷς καὶ διώρισεν μὴ ἰδεῖν αὐτοὺς τὴν γῆν ἣν ὤμοσεν κύριος τοῖς πατράσιν αὐτῶν δοῦναι ἡμῖν γῆν ῥέουσαν γάλα καὶ μέλι
- 7 Men, li ba yo pitit pou ranplase yo. Se pitit sa yo Jozye te sikonsi paske yo pa t' sikonsi yo lè yo t'ap vwayaje nan dezè a.
And their children, who came up in their place, now underwent circumcision by the hands of Joshua, not having had it before: for there had been no circumcision on the journey.
 ἀντὶ δὲ τούτων ἀντικατέστησεν τοὺς υἱοὺς αὐτῶν οὗς ἰησοῦς περιέτεμεν διὰ τὸ αὐτοὺς γεγενῆσθαι κατὰ τὴν ὁδὸν ἀπεριμητήτους
- 8 Lè li fin sikonsi tout gason yo, tout pèp la rete la kote yo te moute tant yo a, jouk yo te geri.
So when all the nation had undergone circumcision, they kept in their tents till they were well again.
 περιτμηθέντες δὲ ἠσυχίαν εἶχον αὐτόθι καθήμενοι ἐν τῇ παρεμβολῇ ἕως ὑγιάσθησαν
- 9 Apre sa, Seyè a di Jozye konsa: -Jòdi a mwen wete wont yo te fè nou nan peyi Lejip la, mwen voye l' jete. Se poutèt sa yo rele kote yo te ye a Gilgal jouk jòdi a.
And the Lord said to Joshua, Today the shame of Egypt has been rolled away from you. So that place was named Gilgal, to this day.
 καὶ εἶπεν κύριος τῷ ἰησοῖ υἱῷ ναυη ἐν τῇ σήμερον ἡμέρᾳ ἀφελὼν τὸν ὄνειδισμὸν αἰγύπτου ἀφ' ἡμῶν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα τοῦ τόπου ἐκείνου γαλγαλα
- 10 ¶ Antan pèp Izrayèl la te rete Gilgal nan plenn ki toupre lavil Jeriko, yo fete Fèt Delivrans lan nan aswè katòzyèm jou premye mwa a.
So the children of Israel put up their tents in Gilgal; and they kept the Passover on the fourteenth day of the month, in the evening, in the lowlands of Jericho.
 καὶ ἐποίησαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὸ πασχα τῇ τεσσαρεσκαίδεκάτῃ ἡμέρᾳ τοῦ μηνὸς ἀπὸ ἑσπέρας ἐπὶ δυσμῶν ιεριχω ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν τῷ πεδίῳ
- 11 Nan denmen Fèt Delivrans lan, yo manje manje yo rekòlde nan peyi a: grenn ble griye ak pen kwit san ledven.
And on the day after the Passover, they had for their food the produce of the land, unleavened cakes and dry grain on the same day.
 καὶ ἐφάγουν ἀπὸ τοῦ σίτου τῆς γῆς ἄζυμα καὶ νέα ἐν ταύτῃ τῇ ἡμέρᾳ
- 12 Apre sa, laman lan sispann tonbe. Depi lè sa a, pèp Izrayèl la pa jwenn laman pou yo manje ankò. Pandan tout lanne a yo manje manje yo te rekòlde nan peyi Kanaran an.
And there was no more manna from the day after they had for their food the produce of the land; the children of Israel had manna no longer, but that year the produce of the land of Canaan was their food.
 ἐξέλειπεν τὸ μαννα μετὰ τὸ βεβρωκέναι αὐτοὺς ἐκ τοῦ σίτου τῆς γῆς καὶ οὐκέτι ὑπῆρχεν τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ μαννα ἐκαρπίσαντο δὲ τὴν χώραν τῶν φοινίκων ἐν τῷ ἐνιαυτῷ ἐκείνῳ
- 13 ¶ Yon jou, antan Jozye te toupre lavil Jeriko a, li rete konsa, li wè yon nonm kanpe devan l' avèk yon nepe nan men l'. Jozye mache sou li, epi li mande l': -Ou se yonn nan moun pa nou yo osinon yon lènmi?
Now when Joshua was near Jericho, lifting up his eyes he saw a man in front of him, with his sword uncovered in his hand: and Joshua went up to him and said, Are you for us or against us?
 καὶ ἐγένετο ὡς ἦν ἰησοῦς ἐν ιεριχω καὶ ἀναβλέψας τοῖς ὀφθαλμοῖς εἶδεν ἄνθρωπον ἐστηκότα ἐναντίον αὐτοῦ καὶ ἡ ῥομφαία ἐσπασμένη ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ προσελθὼν ἰησοῦς εἶπεν αὐτῷ ἡμέτερος εἶ ἢ τῶν ὑπεναντίων

- 14 Nonm lan reponn li: -M' pa ni yonn ni lòt. Mwen se kòmandan an chèf lame Seyè a. Mwen fèk rive. Jozye tonbe ajenou devan l', li bese tèt li jouk atè, li di l' konsa: -Se sèvitè ou mwen ye, mèt. Kisa ou vle m' fè pou ou?
 And he said, No; but I have come as captain of the armies of the Lord. Then Joshua, falling down with his face to the earth in worship, said, What has my lord to say to his servant?
 ὁ δὲ εἶπεν αὐτῷ ἐγὼ ἀρχιστράτηγος δυνάμεως κυρίου νυνὶ παραγέγονα καὶ ἰησοῦς ἔπεσεν ἐπὶ πρόσωπον ἐπὶ τὴν γῆν καὶ εἶπεν αὐτῷ δέσποτα τί προστάσεις τῷ σῷ οἰκέτῃ
- 15 Kòmandan an chèf lame Seyè a di l' konsa: -Wete sapat nan pye ou. Kote ou kanpe a se yon kote ki apa pou Bondye. Epi Jozye fè sa li di l' fè a.
 And the captain of the Lord's army said to Joshua, Take off your shoes from your feet, for the place where you are is holy. And Joshua did so.
 καὶ λέγει ὁ ἀρχιστράτηγος κυρίου πρὸς ἰησοῦν λῦσαι τὸ ὑπόδημα ἐκ τῶν ποδῶν σου ὁ γὰρ τόπος ἐφ' ᾧ σὺ ἕστηκας ἅγιός ἐστιν
- 1 ¶ Yo te fèmen tout pòtay lavil Jeriko yo, yo te barikade yo poutèt moun pèp Izrayèl yo. Deyò pa antre, anndan pa soti.
 (Now Jericho was all shut up because of the children of Israel: there was no going out or coming in.)
 καὶ ἱερῶν συγκεκλεισμένη καὶ ὄχυρωμένη καὶ οὐθεις ἐξεπορεύετο ἐξ αὐτῆς οὐδὲ εἰσεπορεύετο
- 2 Seyè a di Jozye konsa: -Koute. Mwen pral lage lavil Jeriko nan men ou ansanm ak wa a ak tout vanyan sòlda li yo.
 And the Lord said to Joshua, See, I have given into your hands Jericho with its king and all its men of war.
 καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν ἰδοὺ ἐγὼ παραδίδωμι ὑποχείριόν σου τὴν ἱερῶν καὶ τὸν βασιλέα αὐτῆς τὸν ἐν αὐτῇ δυνατοῦς ὄντας ἐν ἰσχύϊ
- 3 Ou menm ak tout sòlda pa ou yo, nou pral mache fè wonn lavil la yon fwa chak jou pandan sis jou.
 Now let all your fighting-men make a circle round the town, going all round it once. Do this for six days.
 σὺ δὲ περὶστησον αὐτῇ τοὺς μαχίμους κύκλῳ
- 5 Lè n'a tande yon kout kòn ki trennen, tout pèp la va pran pouse yon sèl rèl byen fò. Miray ranpa lavil la pral tonbe plat atè. Lè sa a, chak moun va mache dwat devan yo sou lavil la.
 And at the sound of a long note on the horns, let all the people give a loud cry; and the wall of the town will come down flat, and all the people are to go straight forward.
 καὶ ἔσται ὡς ἂν σαλπῖσητε τῇ σάλπιγγι ἀνακραγέτω πᾶς ὁ λαὸς ἅμα καὶ ἀνακραγόντων αὐτῶν πεσεῖται αὐτόματα τὰ τεῖχη τῆς πόλεως καὶ εἰσελεύσεται πᾶς ὁ λαὸς ὀρμήσας ἕκαστος κατὰ πρόσωπον εἰς τὴν πόλιν
- 6 ¶ Se konsa, Jozye, pitit gason Noun lan, rele prèt yo, li di yo: -Leve Bwat Kontra a, mete l' sou zepòl nou. Sèt prèt va mache devan l' avèk kòn belye yo nan men yo.
 Then Joshua, the son of Nun, sent for the priests and said to them, Take up the ark of the agreement, and let seven priests take seven horns in their hands and go before the ark of the Lord.
 καὶ εἰσήλθεν ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυῆ πρὸς τοὺς ἱερεῖς
- 7 Apre sa, li di pèp la: -Leve mache! Nou pral fè wonn lavil la. Pòsyon lame ki pou mache devan an va pran devan Bwat Kontra a.
 And he said to the people, Go forward, circling the town, and let the armed men go before the ark of the Lord.
 καὶ εἶπεν αὐτοῖς λέγων παραγγείλατε τῷ λαῷ περιελθεῖν καὶ κυκλώσαι τὴν πόλιν καὶ οἱ μάχιμοι παραπορευέσθωσαν ἐνωπλισμένοι ἐναντίον κυρίου
- 8 Pèp la fè jan Jozye te ba yo lòd fè a. Sèt prèt yo pran devan Bwat Kontra Seyè a, yo t'ap kònen kòn yo.
 So after Joshua had said this to the people, the seven priests with their seven horns went forward before the Lord, blowing on their horns: and the ark of the Lord's agreement went after them.
 καὶ ἔπτα ἱερεῖς ἔχοντες ἔπτα σάλπιγγας ἱερὰς παρελθέωσαν ὡσαύτως ἐναντίον τοῦ κυρίου καὶ σημαινέωσαν εὐτόνωσ καὶ ἡ κιβωτὸς τῆς διαθήκης κυρίου ἐπακολουθεῖτω
- 9 Pòsyon lame ki pou mache devan an pran devan prèt ki t'ap kònen yo. Pòsyon lame ki pou mache dèyè a t'ap mache dèyè Bwat Kontra a. Pandan yo t'ap mache konsa, yo t'ap kònen kòn belye yo.
 And the armed men went before the priests who were blowing the horns, and the mass of the people went after the ark, blowing their horns.
 οἱ δὲ μάχιμοι ἔμπροσθεν παραπορευέσθωσαν καὶ οἱ ἱερεῖς οἱ οὐραγοῦντες ὀπίσω τῆς κιβωτοῦ τῆς διαθήκης κυρίου πορευόμενοι καὶ σαλπίζοντες
- 10 Men, Jozye te bay pèp la lòd pou yo pa t' pouse ankenn rèl jan yo te konn fè l' la lè y'ap goumen. Se pou yo tout rete bouch fèmen, san di yon mo, jouk lè l'a ba yo lòd pouse rèl goumen an.
 And to the people Joshua gave an order, saying, You will give no cry, and make no sound, and let no word go out of your mouth till the day when I say, Give a loud cry; then give a loud cry.
 τῷ δὲ λαῷ ἐνετείλατο ἰησοῦς λέγων μὴ βοᾶτε μηδὲ ἀκουσάτω μηδεις ὁμῶν τὴν φωνὴν ἕως ἂν ἡμέραν αὐτὸς διαγγείλῃ ἀναβοῆσαι καὶ τότε ἀναβοήσετε
- 11 Prèt yo pati ak Bwat Kontra Seyè a, yo fè wonn lavil yon fwa. Apre sa, yo tounen nan kan an epi yo pase nwit lan la.
 So he made the ark of the Lord go all round the town once: then they went back to the tents for the night.
 καὶ περιελθοῦσα ἡ κιβωτὸς τῆς διαθήκης τοῦ θεοῦ τὴν πόλιν εὐθὺς ἀπῆλθεν εἰς τὴν παρεμβολὴν καὶ ἐκοιμήθη ἐκεῖ
- 12 Nan denmen maten, Jozye leve, epi prèt yo pran Bwat Kontra Seyè a ankò.
 And early in the morning Joshua got up, and the priests took up the ark of the Lord.
 καὶ τῇ ἡμέρῃ τῇ δευτέρῃ ἀνέστη ἰησοῦς τὸ πρωὶ καὶ ἦραν οἱ ἱερεῖς τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου

- 13 Sèt prèt yo avèk sèt kòn belye yo t'ap mache devan Bwat Kontra a. Yo t'ap kònen. Pòsyon lame ki pou devan an t'ap mache devan yo, pòsyon lame ki pou mache dèyè a t'ap mache dèyè Bwat Kontra a: yo t'ap kònen tout tan yo t'ap mache a.
And the seven priests with their seven horns went on before the ark of the Lord, blowing their horns: the armed men went before them, and the mass of the people went after the ark of the Lord, blowing their horns.
 και οι επτά ιερείς οι φέροντες τὰς σάλπιγγας τὰς ἐπτά προπορεύοντο ἐναντίον κυρίου και μετὰ ταῦτα εἰσεπορεύοντο οἱ μάχιμοι και ὁ λοιπὸς ὄχλος ὀπισθε τῆς κιβωτοῦ τῆς διαθήκης κυρίου και οἱ ἱερ εἰς ἐσάλπισαν ταῖς σάλπιγγι και ὁ λοιπὸς ὄχλος ἅπας περιεκύκλωσε τὴν πόλιν ἐγγύθεν
- 14 Dezyèm jou a, yo mache fè wonn lavil la ankò yon sèl fwa. Epi yo tounen nan kan yo. Yo fè sa konsa pandan sis jou.
The second day they went all round the town once, and then went back to their tents: and so they did for six days.
 και ἀπῆλθεν πάλιν εἰς τὴν παρεμβολὴν οὕτως ἐποίει ἐπὶ ἕξ ἡμέρας
- 15 Sou setyèm jou a, yo leve lè bajou kase, yo mache menm jan an. Men, jou sa a yo fè wonn lavil la sèt fwa. Se jou sa a ase yo te fè wonn lavil la sèt fwa.
Then on the seventh day they got up early, at the dawn of the day, and went round the town in the same way, but that day they went round it seven times.
 και τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ ἀνέστησαν ὄρθρου και περιήλθουσαν τὴν πόλιν ἑξάκις
- 16 Setyèm fwa a, apre prèt yo fin kònen kòn belye yo, Jozye di pèp la konsa: -Nou mèt rele koulye a! Seyè a lage lavil la nan men nou!
And the seventh time, at the sound of the priests' horns, Joshua said to the people, Now give a loud cry; for the Lord has given you the town.
 και τῇ περιόδῳ τῇ ἑβδόμῃ ἐσάλπισαν οἱ ἱερεῖς και εἶπεν ἰησοῦς τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ. κεκράξατε παρεδωκεν γὰρ κύριος ὑμῖν τὴν πόλιν
- 17 ¶ Nou pral ofri lavil la ak tou sa ki ladan l' tankou yon ofrann pou Bondye. Nou pral touye dènye moun ki ladan l'. Sèl moun ki va rete vivan, se va Rarab, jennès la, ak tout moun ki va lakay li, paske li te kache mesaj nou te voye yo.
And the town will be put to the curse, and everything in it will be given to the Lord: only Rahab, the loose woman, and all who are in the house with her, will be kept safe, because she kept secret the men we sent.
 και ἔσται ἡ πόλις ἀνάθεμα αὐτῇ και πάντα ὅσα ἐστὶν ἐν αὐτῇ κυρίῳ σαβαωθ πλην ρααβ τὴν πόρνην περιποιήσαθε αὐτὴν και ὅσα ἐστὶν ἐν τῷ οἴκῳ αὐτῆς
- 18 Men, nou menm, pa mete men nou nan sa nou gen pou nou detwi pou Seyè a. Si nou pran anyen nan sa nou gen pou nou detwi a, n'ap lakòz malè tonbe sou kay moun Izrayèl yo, n'ap lakòz tèt chaje vin pou tout moun.
And as for you, keep yourselves from the cursed thing, for fear that you may get a desire for it and take some of it for yourselves, and so be the cause of a curse and great trouble on the tents of Israel.
 ἀλλὰ ὑμεῖς φυλάξαθε σφόδρα ἀπὸ τοῦ ἀναθέματος μήποτε ἐνθυμηθέντες ὑμεῖς αὐτοὶ λάβητε ἀπὸ τοῦ ἀναθέματος και ποιήσητε τὴν παρεμβολὴν τῶν υἱῶν ἰσραηλ ἀνάθεμα και ἐκτρίψητε ἡμᾶς
- 19 Tout bagay ki fèt an lò, an ajan, an fè osinon an kwiv, n'a mete yo apa pou Seyè a. N'a depoze yo nan depo richès Seyè a.
But all the silver and gold and the vessels of brass and iron are holy to the Lord: they are to come into the store-house of the Lord.
 και πᾶν ἀργύριον ἢ χρυσίον ἢ χαλκὸς ἢ σίδηρος ἅγιον ἔσται τῷ κυρίῳ εἰς θησαυρὸν κυρίου εἰσνεχθήσεται
- 20 Se konsa, yo kònen kòn belye yo. Tande pèp la tande son kòn belye yo, yo pouse yon sèl gwo rèl, epi miray ranpa lavil la tonbe plat atè. Epi chak moun pran mache dwat devan yo sou lavil la, yo anvayi l'.
So the people gave a loud cry, and the horns were sounded; and on hearing the horns the people gave a loud cry, and the wall came down flat, so that the people went up into the town, every man going straight before him, and they took the town.
 και ἐσάλπισαν ταῖς σάλπιγγιν οἱ ἱερεῖς ὡς δὲ ἤκουσεν ὁ λαὸς τὴν φωνὴν τῶν σαλπύγγων ἠλάλαξεν πᾶς ὁ λαὸς ἅμα ἀλαλαγμῷ μεγάλῳ και ἰσχυρῷ και ἔπεσεν ἅπαν τὸ τεῖχος κύκλῳ και ἀνέβη πᾶς ὁ λαὸς εἰς τὴν πόλιν
- 21 Yo ofri tou sa ki nan lavil la bay Seyè a. Avèk nepe yo, yo touye tout moun nan lavil la, fanm kou gason, granmoun kou timoun, tout bèf, tout mouton, tout bourik.
And they put everything in the town to the curse; men and women, young and old, ox and sheep and ass, they put to death without mercy.
 και ἀνεθεμάτισεν αὐτὴν ἰησοῦς και ὅσα ἦν ἐν τῇ πόλει ἀπὸ ἀνδρὸς και ἕως γυναικὸς ἀπὸ νεανίσκου και ἕως πρεσβύτου και ἕως μόσχου και ὑποζυγίου ἐν στόματι ῥομφαίας
- 22 Jozye rele de mesye li te voye an kachèt al vizite lavil Jeriko a, li di yo: -Ale lakay jennès la. Fè l' soti ak tout fanmi li, jan nou te pwomèt li a.
Then Joshua said to the two men who had been sent to make a search through the land, Go into the house of the loose woman, and get her out, and all who are with her, as you gave her your oath.
 και τοῖς δυσὶν νεανίσκοις τοῖς κατασκοπεύσασιν εἶπεν ἰησοῦς εἰσέλθατε εἰς τὴν οἰκίαν τῆς γυναικὸς και ἐξαγάγετε αὐτὴν ἐκεῖθεν και ὅσα ἐστὶν αὐτῇ
- 23 Se konsa y' ale, yo fè Rarab soti ansanm ak papa l', manman l', frè l' yo, tout rèl fanmi l' yo ak tou sa yo te genyen, yo enstale yo yon kote andeyò kan moun Izrayèl yo.
So the searchers went in and got out Rahab and her father and mother and her brothers and all she had, and they got out all her family; and they took them outside the tents of Israel.
 και εἰσῆλθον οἱ δύο νεανίσκοι οἱ κατασκοπεύσαντες τὴν πόλιν εἰς τὴν οἰκίαν τῆς γυναικὸς και ἐξηγάσαν ρααβ τὴν πόρνην και τὸν πατέρα αὐτῆς και τὴν μητέρα αὐτῆς και τοὺς ἀδελφοὺς αὐτῆς και πάντα ὅσα ἦν αὐτῇ και πᾶσαν τὴν συγγένειαν αὐτῆς και κατέστησαν αὐτὴν ἔξω τῆς παρεμβολῆς ἰσραηλ

- 24 Yo mete dife nan lavil la, yo boule l' nèt ak tou sa ki ladan l', an wetan bagay ki te fèt an lò, an ajan, an fê ak an kwiv yo. Yo pran yo, yo pote yo nan depo richès Seyè a.
Then, after burning up the town and everything in it, they put the silver and gold and the vessels of brass and iron into the store-house of the Lord's house.
καὶ ἡ πόλις ἐνεπρήσθη ἐμπυρισμῷ σὺν πᾶσιν τοῖς ἐν αὐτῇ πλὴν ἀργυρίου καὶ χρυσοῦ καὶ χαλκοῦ καὶ σιδήρου ἔδωκαν εἰς θησαυρὸν κυρίου εἰσενεχθῆναι
- 25 Men, Jozye te sove Rarab, jennès la, ak tout fanmi l' yo ansanm ak tou sa ki pou yo, paske Rarab te kache mesye Jozye te voye espyonnen lavil Jeriko a. Moun fanmi Rarab yo ap viv jouk koulye a nan mitan pèp Izrayèl la.
But Joshua kept Rahab, the loose woman, and her father's family and all she had, from death, and so she got a living-place among the children of Israel to this day; because she kept safe the men whom Joshua had sent to make a search through the land.
καὶ ρααβ τὴν πόρνην καὶ πάντα τὸν οἶκον τὸν πατρικὸν αὐτῆς ἐζώγησεν ἰησοῦς καὶ κατόκησεν ἐν τῷ ἰσραὴλ ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας διότι ἔκρυψεν τοὺς κατασκοπεύσαντας οὓς ἀπέστειλεν ἰησοῦς κατασκοπεῦσαι τὴν ἱερὺ
- 26 Lè sa a, Jozye bay avètisman sa a pou tout moun, li di: -Madichon Bondye pou nenpòt moun ki konprann pou l' ta rebati lavil yo rele Jeriko a. Si yon moun mete men nan fondasyon l' yo, l'ap pèdi premye pitit gason l' lan. Si yon moun remoute pòtay li yo, l'ap pèdi dènye pitit gason l' la.
Then Joshua gave the people orders with an oath, saying, Let that man be cursed before the Lord who puts his hand to the building up of this town: with the loss of his first son will he put the first stone of it in place, and with the loss of his youngest son he will put up its doors.
καὶ ὄρκισεν ἰησοῦς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐναντίον κυρίου λέγων ἐπικατάρατος ὁ ἄνθρωπος ὃς οἰκοδομήσει τὴν πόλιν ἐκείνην ἐν τῷ πρωτοτόκῳ αὐτοῦ θεμελιώσει αὐτὴν καὶ ἐν τῷ ἐλαχίστῳ αὐτοῦ ἐπιτήσει τὺς πύλας αὐτῆς καὶ οὕτως ἐποίησεν οὕτως ὅ ἐκ βαιθὴλ ἐν τῷ ἀβιρων τῷ πρωτοτόκῳ ἐθεμελίωσεν αὐτὴν καὶ ἐν τῷ ἐλαχίστῳ διασωθέντι ἐπέστησεν τὺς πύλας αὐτῆς
- 27 Se konsa Seyè a te kanpe la avèk Jozye. Nan tout peyi a yo t'ap nonmen non l'.
So the Lord was with Joshua; and news of him went through all the land.
καὶ ἦν κύριος μετὰ ἰησοῦ καὶ ἦν τὸ ὄνομα αὐτοῦ κατὰ πᾶσαν τὴν γῆν
- 1 ¶ Men, pèp Izrayèl la te dezobeyi lòd Seyè a te bay pou yo pa t' pran anyen nan sa yo te gen pou yo detwi nèt yo. Te gen yon nonm nan branch fanmi Jida a ki te rele Akan. Se te pitit Kami. Kami sa a te pitit Zabdi, Zabdi te pitit Zerah. Akan sa a te pran kichòy nan sa yo te gen pou yo detwi nèt yo. Kifè Seyè a te move anpil sou pèp Izrayèl la.
But the children of Israel did wrong about the cursed thing: for Achan, the son of Carmi, the son of Zabdi, the son of Zerah, of the family of Judah, took of the cursed thing, moving the Lord to wrath against the children of Israel.
καὶ ἐπλημμέλησαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ πλημμέλειαν μεγάλην καὶ ἐνοσφίσαντο ἀπὸ τοῦ ἀναθέματος καὶ ἔλαβεν ἀχαρ υἱὸς χαρμι υἱοῦ ζαμβρι υἱοῦ ζαρα ἐκ τῆς φυλῆς ἰουδα ἀπὸ τοῦ ἀναθέματος καὶ ἐθυμώθη ὀργὴ κύριος τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ
- 2 Jozye te voye kèk moun soti lavil Jeriko ale bò Ayi, yon lavil ki te toupre Bèt Avenn, sou bò solèy leve lavil Betèl. Li te di yo pou y' al wè jan sa ye nan peyi a. Mesye yo ale vre, yo wè jan sa ye nan lavil Ayi.
Now Joshua sent men from Jericho to Ai, which is by the side of Beth-aven, on the east side of Beth-el, and said to them, Go up and make a search through the land. And the men went up and saw how Ai was placed.
καὶ ἀπέστειλεν ἰησοῦς ἄνδρας εἰς γαι ἣ ἔστιν κατὰ βαιθὴλ λέγων κατασκέψασθε τὴν γαι καὶ ἀνέβησαν οἱ ἄνδρες καὶ κατεσκέψαντο τὴν γαι
- 3 Lè yo tounen vin jwenn Jozye, yo di li: -Nou pa bezwen deplase tout moun. N'a voye de twa mil moun konsa pou atake lavil Ayi a. Ou pa bezwen voye tout moun al goumen, paske pa gen anpil moun la.
Then they came back to Joshua and said to him, Do not send all the people up, but let about two or three thousand men go up and make an attack on Ai; there is no need for all the people to be tired with the journey there, for it is only a small town.
καὶ ἀνέστρεψαν πρὸς ἰησοῦν καὶ εἶπαν πρὸς αὐτόν μὴ ἀναβῆτω πᾶς ὁ λαός ἀλλ' ὡς δισχίλιοι ἢ τρισχίλιοι ἄνδρες ἀναβήτωσαν καὶ ἐκπολιορκησάτωσαν τὴν πόλιν μὴ ἀναγᾶγης ἐκεῖ τὸν λαὸν πάντα ὀλίγοι γάρ εἰσιν
- 4 Lè sa a, yo chwazi twamil sòlda konsa ki te moute al atake. Men, moun lavil Ayi yo te fè yo kraze rak.
So about three thousand of the people went up, and were sent in flight by the men of Ai.
καὶ ἀνέβησαν ὡσεὶ τρισχίλιοι ἄνδρες καὶ ἐφυγον ἀπὸ προσώπου τῶν ἀνδρῶν γαι
- 5 Yo kouri dèyè sòlda pèp Izrayèl yo depi devan pòtay lavil la jouk nan men wòch yo. Nan ladesant lan yo touye transis moun konsa nan sòlda pèp Izrayèl yo. Lè sa a, pèp Izrayèl la soti pè. Yo pèdi kouraj.
The men of Ai put to death about thirty-six of them, driving them from before the town as far as the stoneworks, and overcoming them on the way down: and the hearts of the people became like water.
καὶ ἀπέκτειναν ἀπ' αὐτῶν ἄνδρες γαι εἰς τριάκοντα καὶ ἕξ ἄνδρας καὶ κατεδίωξαν αὐτοὺς ἀπὸ τῆς πόλης καὶ συνέτριψαν αὐτοὺς ἐπὶ τοῦ καταφεροῦς καὶ ἐπτοίθη ἡ καρδιά τοῦ λαοῦ καὶ ἐγένετο ὥσπερ ὕδωρ

- 6 ¶ Jozye te sitèlman nan lapenn, li chire rad sou li, epi li tonbe ajenou, li bese tèt jouk atè devan Bwat Kontra Seyè a. Li rete konsa jouk aswè ansanm ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl yo, yo pran pousyè tè yo mete sou tèt yo pou fè wè jan yo te nan lapenn.
Then Joshua, in great grief, went down on the earth before the ark of the Lord till the evening, and all the chiefs of Israel with him, and they put dust on their heads.
καὶ διέρρηξεν ἰησοῦς τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ ἔπεσεν ἰησοῦς ἐπὶ τὴν γῆν ἐπὶ πρόσωπον ἐναντίον κυρίου ἕως ἑσπέρας αὐτὸς καὶ οἱ πρεσβύτεροι ἰσραὴλ καὶ ἐπεβάλοντο χοῦν ἐπὶ τὰς κεφαλὰς αὐτῶν
- 7 Epi Jozye di: -Ay, Seyè Bondye! Poukisa ou fè pèp la janbe lòt bò larivyè Jouden an? Gen lè se pou ou te lage nou nan men moun Amori yo pou yo touye nou? Pa pito ou te kite nou rete lòt bò larivyè Jouden an!
And Joshua said, O Lord God, why have you taken us over Jordan only to give us up into the hands of the Amorites for our destruction? If only it had been enough for us to keep on the other side of Jordan!
καὶ εἶπεν ἰησοῦς δέομαι κύριε ἵνα τί διεβίβασεν ὁ παῖς σου τὸν λαὸν τοῦτον τὸν ἰορδάνην παραδοῦναι αὐτὸν τῷ αμορραίῳ ἀπολέσαι ἡμᾶς καὶ εἰ κατεμείναμεν καὶ κατωκίσθημεν παρὰ τὸν ἰορδάνην
- 8 Tanpri, Mèt mwen! Kisa m' ka di koulye a lè m' wè moun Izrayèl yo ap kouri devan lènmi l' yo?
O Lord, what am I to say now that Israel have given way before their attackers?
καὶ τί ἐρῶ ἐπεὶ μετέβαλεν ἰσραὴλ ἀγένη ἀπέναντι τοῦ ἐχθροῦ αὐτοῦ
- 9 Moun Kanaran yo ak tout lòt moun ki rete nan peyi a pral konn sa. Yo pral leve dèyè nou. Yo pral touye nou nèt nan peyi a. Kisa ou pral fè lè sa a pou yo pa avili non ou?
For when the news comes to the Canaanites and all the people of the land, they will come up, shutting us in and cutting off our name from the earth: and what will you do for the honour of your great name?
καὶ ἀκούσας ὁ χαναναῖος καὶ πάντες οἱ κατοικοῦντες τὴν γῆν περικυκλώσουσιν ἡμᾶς καὶ ἐκτρίψουσιν ἡμᾶς ἀπὸ τῆς γῆς καὶ τί ποιήσεις τὸ ὄνομά σου τὸ μέγα
- 10 ¶ Seyè a di Jozye konsa: -Leve non! Poukisa ou lage kò ou atè konsa?
Then the Lord said to Joshua, Get up; what are you doing with your face to the earth?
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν ἀνάστηθι ἵνα τί τοῦτο σὺ ἐπτῶκας ἐπὶ πρόσωπόν σου
- 11 Se paske pèp Izrayèl la peche, yo pa respekte kontra mwen te pase ak yo a ak lòd mwen te ba yo. Yo pran nan bagay pou yo te detwi yo. Yo vòlò yo, yo kache yo, yo mete yo nan zafè pa yo.
Israel has done wrong, sinning against the agreement which I made with them: they have even taken of the cursed thing; acting falsely like thieves they have put it among their goods.
ἡμάρτηκεν ὁ λαὸς καὶ παρέβη τὴν διαθήκην ἣν διεθέμην πρὸς αὐτούς καὶ κλέψαντες ἀπὸ τοῦ ἀναθήματος ἐνέβαλον εἰς τὰ σκεύη αὐτῶν
- 12 Se poutèt sa, pèp Izrayèl la p'ap ka kanpe devan lènmi l' yo. Yo gen pou yo kouri devan lènmi yo, paske koulye a se yo menm ki gen pou mouri. Mwen p'ap kanpe la avèk yo ankò, si bagay mwen te ban nou lòd pa pran an nou pa wete l' nan mitan nou pou nou detwi l' tou.
For this reason the children of Israel have given way, turning their backs in flight before their attackers, because they are cursed: I will no longer be with you, if you do not put the cursed thing away from among you.
οὐ μὴ δύνωνται οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ὑποστῆναι κατὰ πρόσωπον τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν ἀγένη ἐπιστρέψουσιν ἐναντι τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν ὅτι ἐγενήθησαν ἀνάθεμα οὐ προσθήσω ἔτι εἶναι μεθ' ὑμῶν ἐὰν μὴ ἐξάρητε τὸ ἀνάθεμα ἐξ ὑμῶν αὐτῶν
- 13 Leve non! Fè sèvis pou mete pèp la nan kondisyon pou sèvi m'. W'a di yo pou yo pare kò yo pou yo ka nan kondisyon fè sèvis pou mwen denmen, paske mwen menm, Bondye pèp Izrayèl la, men sa mwen di: Nou menm pèp Izrayèl, nou gen nan mitan nou bagay mwen te ban nou lòd detwi. Nou p'ap ka kenbe tèt ak lènmi nou yo si nou pa wete l' nan mitan nou.
Up! make the people holy; say to them, Make yourselves holy before tomorrow, for the Lord, the God of Israel, has said, There is a cursed thing among you, O Israel, and you will give way before your attackers in the fight till the cursed thing has been taken away from among you.
ἀναστὰς ἁγιάσον τὸν λαὸν καὶ εἰπὸν ἁγιασθῆναι εἰς αὔριον τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ τὸ ἀνάθεμα ἐν ὑμῖν ἐστίν οὐ δυνήσεσθε ἀντιστῆναι ἀπέναντι τῶν ἐχθρῶν ὑμῶν ἕως ἂν ἐξάρητε τὸ ἀνάθεμα ἐξ ὑμῶν
- 14 Se konsa, denmen maten, nou tout n'ap vini, branch fanmi pa branch fanmi. Branch fanmi Seyè a va denonse a va pwoche fanmi pa fanmi. Nan fanmi Seyè a va denonse a, chèf fanmi yo va pwoche yonn apre lòt avèk moun pa yo. Chèf fanmi Seyè a va denonse a va fè moun pa l' yo pwoche grenn pa grenn.
So in the morning you are to come near, tribe by tribe; and the tribe marked out by the Lord is to come near, family by family; and the family marked out by the Lord is to come near, house by house; and the house marked out by the Lord is to come near, man by man.
καὶ συναχθήσεσθε πάντες τὸ πρωὶ κατὰ φυλάς καὶ ἔσται ἡ φυλὴ ἣν ἂν δείξῃ κύριος προσάξετε κατὰ δήμους καὶ τὸν δήμον ὃν ἂν δείξῃ κύριος προσάξετε κατ' οἶκον καὶ τὸν οἶκον ὃν ἂν δείξῃ κύριος προσάξετε κατ' ἄνδρα
- 15 Moun y'a jwenn avèk bagay la gen pou mouri boule nan dife, ansanm ak tout fanmi l' ak tou sa li genyen, paske li pa respekte kontra Seyè a te pase ak pèp la. Se yon gwo wont pou tout pèp Izrayèl la.
Then the man who is taken with the cursed thing is to be burned, with everything which is his; because he has gone against the agreement of the Lord and has done an act of shame in Israel.
καὶ ὃς ἂν ἐνδευχθῆ κατακαυθήσεται ἐν πυρὶ καὶ πάντα ὅσα ἐστίν αὐτῷ ὅτι παρέβη τὴν διαθήκην κυρίου καὶ ἐποίησεν ἀνόμημα ἐν ἰσραὴλ

- 16 ¶ Nan denmen maten vre, Jozye leve byen bonè, li fè tout pèp Izrayèl la pwoche vin jwenn li, branch fanmi pa branch fanmi. Se branch fanmi Jida a Seyè a te denonse.
So Joshua got up early in the morning, and made Israel come before him by their tribes; and the tribe of Judah was taken;
καὶ ὄρθρισεν ἰησοῦς καὶ προσήγαγεν τὸν λαὸν κατὰ φυλάς καὶ ἐνεδείχθη ἡ φυλὴ ἰουδα
- 17 Li fè fanmi Jida yo vin jwenn li yonn apre lòt. Se fanmi Zerak la Seyè a te denonse. Li fè tout chèf fanmi Zerak yo vin jwenn li yonn apre lòt ak tout fanmi yo. Se Zabdi Seyè a te denonse.
Then he made Judah come forward, and the family of the Zerahites was taken; and he made the family of the Zerahites come forward man by man; and Zabdi was taken;
καὶ προσήχθη κατὰ δῆμους καὶ ἐνεδείχθη δῆμος ὁ ζαραϊ καὶ προσήχθη κατὰ ἄνδρα
- 18 Zabdi fè tout moun pa l' yo pwoche grenn pa grenn. Se konsa Seyè a denonse Akan, pitit Kami an. Kami te pitit Zabdi, Zabdi te pitit Zerak, yo tout te fè pati branch fanmi Jida a.
Then the house of Zabdi came forward man by man, and Achan, the son of Carmi, the son of Zabdi, the son of Zerah, of the tribe of Judah, was taken.
καὶ ἐνεδείχθη αχαρ υἱὸς ζαμβρι υἱοῦ ζαρα
- 19 Jozye di Akan konsa: -Pitit mwen, fè lwanj Seyè a! Moutre ou gen respe pou Bondye pèp Izrayèl la! Koulye a, di m' kisa ou fè. Pa kache m' anyen.
And Joshua said to Achan, My son, give glory and praise to the Lord, the God of Israel; give me word now of what you have done, and keep nothing back from me.
καὶ εἶπεν ἰησοῦς τῷ αχαρ δὸς δόξαν σήμερον τῷ κυρίῳ θεῷ ἰσραηλ καὶ δὸς τὴν ἐξομολόγησιν καὶ ἀνάγγελόν μοι τί ἐποίησας καὶ μὴ κρύψῃς ἀπ' ἐμοῦ
- 20 Akan reponn li: -Se vre wi. Se mwen ki peche kont Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Men sa m' fè.
And Achan, answering, said to Joshua, Truly I have done wrong against the Lord, the God of Israel, and this is what I have done:
καὶ ἀπεκρίθη αχαρ τῷ ἰησοῦ καὶ εἶπεν ἀληθῶς ἡμαρτον ἐναντίον κυρίου θεοῦ ἰσραηλ οὕτως καὶ οὕτως ἐποίησα
- 21 Nan bagay nou te pran apre batay la, mwen te wè yon bèl manto ki te soti lavil Babilòn, desan (200) pyès an ajan ki te peze wit liv antou, ak yon gwo moso lò ki te peze de liv. Mwen te sitèlman anvè yo, mwen pran yo. Mwen fouye yon twou nan mitan tant kote m' rete a, mwen antere yo ladan l', avèk pyès ajan yo anba nèt.
When I saw among their goods a fair robe of Babylon and two hundred shekels of silver, and a mass of gold, fifty shekels in weight, I was overcome by desire and took them; and they are put away in the earth in my tent, and the silver is under it.
εἶδον ἐν τῇ προνομῇ ψιλὴν ποικίλην καλὴν καὶ διακόσια δίδραχμα ἀργυρίου καὶ γλῶσσαν μίαν χρυσοῦν πεντήκοντα διδράχμων καὶ ἐνθυμηθεὶς αὐτῶν ἔλαβον καὶ ἰδοὺ αὐτὰ ἐγκέκρυπται ἐν τῇ γῆ ἐν τῇ σκηνῇ μου καὶ τὸ ἀργύριον κέκρυπται ὑποκάτω αὐτῶν
- 22 Jozye voye kèk mesaje ki kouri al nan tant Akan an. Yo jwenn tout bagay yo nan twou a avèk pyès ajan yo anba nèt.
So Joshua sent men quickly, and looking in his tent, they saw where the robe had been put away secretly with the silver under it.
καὶ ἀπέστειλεν ἰησοῦς ἀγγέλους καὶ ἔδραμον εἰς τὴν σκηνὴν εἰς τὴν παρεμβολὴν καὶ ταῦτα ἦν ἐγκεκρυμμένα εἰς τὴν σκηνὴν καὶ τὸ ἀργύριον ὑποκάτω αὐτῶν
- 23 Yo pran yo, yo soti avèk yo nan tant lan. Yo pote yo bay Jozye ak tout pèp Izrayèl la. Yo mete yo atè devan Seyè a.
And they took them from the tent and came back with them to Joshua and the children of Israel, and put them before the Lord.
καὶ ἐξήνεγκαν αὐτὰ ἐκ τῆς σκηνῆς καὶ ἤνεγκαν πρὸς ἰησοῦν καὶ τοὺς πρεσβυτέρους ἰσραηλ καὶ ἔθηκαν αὐτὰ ἐναντι κυρίου
- 24 Jozye, ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo, pran Akan, pyès ajan yo, manto a, moso lò a ansanm ak pitit fi l' yo, pitit gason l' yo, bèlfi li yo, bèf li yo, bourik li yo, mouton l' yo ak tout lòt bagay li te genyen, yo mennen yo nan Fon Malè.
Then Joshua and all Israel took Achan, the son of Zerah, and the silver and the robe and the mass of gold, and his sons and his daughters and his oxen and his asses and his sheep and his tent and everything he had; and they took them up into the valley of Achor.
καὶ ἔλαβεν ἰησοῦς τὸν αχαρ υἱὸν ζαρα καὶ ἀνήγαγεν αὐτὸν εἰς φάραγγα αχωρ καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ τὰς θυγατέρας αὐτοῦ καὶ τοὺς μόσχους αὐτοῦ καὶ τὰ ὑποζύγια αὐτοῦ καὶ πάντα τὰ πρόβατα αὐτοῦ οὐ καὶ τὴν σκηνὴν αὐτοῦ καὶ πάντα τὰ ὑπάρχοντα αὐτοῦ καὶ πᾶς ὁ λαὸς μετ' αὐτοῦ καὶ ἀνήγαγεν αὐτοὺς εἰς εμεκαχωρ
- 25 Epi Jozye di Akan konsa: -Poukisa ou rale tout malè sa a sou tèt nou? Jòdi a, Seyè a pral fè malè tonbe sou ou! Epi tout moun pèp Izrayèl yo pran wòch, yo kalonnen yo jouk yo touye yo. Yo boule tout bagay yo nan dife. Yo touye tout fanmi l' yo ak bèt li yo ak koutwòch.
And Joshua said, Why have you been a cause of trouble to us? Today the Lord will send trouble on you. And all Israel took part in stoning him; they had him stoned to death and then burned with fire.
καὶ εἶπεν ἰησοῦς τῷ αχαρ τί ὠλέθρευσας ἡμᾶς ἐξολεθρεύσαι σε κύριος καθὰ καὶ σήμερον καὶ ἐλιθοβόλησαν αὐτὸν λίθοις πᾶς ἰσραηλ
- 26 Yo mete yon gwo pil wòch sou yo. Gwo pil wòch sa a la jouk jòdi a. Se pou tèt sa, jouk jòdi a, yo rele kote sa a Fon Malè. Se konsa Seyè a te sispann move sou pèp la.
And over him they put a great mass of stones, which is there to this day; then the heat of the Lord's wrath was turned away. So that place was named, The Valley of Achor, to this day.
καὶ ἐπέστησαν αὐτῷ σωρὸν λίθων μέγαν καὶ ἐπαύσατο κύριος τοῦ θυμοῦ τῆς ὀργῆς διὰ τοῦτο ἐπωνόμασεν αὐτὸ εμεκαχωρ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης

- 1 ¶ Seyè a di Jozye konsa: -Ou pa bezwen pè. Ou pa bezwen dekouraje. Pran tout sòlda yo avè ou, epi mache sou lavil Ayi. M'ap lage wa lavil la ansanm ak pèp la, lavil la ak tout zòn yo a nan men ou. Then the Lord said to Joshua, Have no fear and do not be troubled: take with you all the fighting-men and go up against Ai: for I have given into your hands the king of Ai and his people and his town and his land:
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν μὴ φοβηθῆς μηδὲ δειλιάσῃς λαβὲ μετὰ σοῦ τοὺς ἄνδρας πάντας τοὺς πολεμιστὰς καὶ ἀναστὰς ἀνάβηθι εἰς γαί ἰδοὺ δέδωκα εἰς τὰς χεῖράς σου τὸν βασιλέα γαί καὶ τὴν γῆν αὐτοῦ
- 2 Menm sa ou te fè moun lavil Jeriko yo ak wa yo a, se sa ou pral fè moun lavil Ayi yo ak wa yo a. Men, fwa sa a, n'a gen dwa pran byen yo ak bèt yo pou nou. Fè sòlda yo al anbiske kò yo pou yo atake lavil la pa dèyè.
And you are to do to Ai and its king as you did to Jericho and its king: but their goods and their cattle you may take for yourselves: let a secret force be stationed to make a surprise attack on the town from the back.
καὶ ποιήσεις τὴν γαί ὃν τρόπον ἐποίησας τὴν ἱεριχω καὶ τὸν βασιλέα αὐτῆς καὶ τὴν προνομὴν τῶν κτηνῶν προνομεύσεις σεαυτῶ κατάστησον δὲ σεαυτῶ ἔνεδρα τῆ πόλει εἰς τὰ ὀπίσω
- 3 ¶ Se konsa, Jozye reyini tout sòlda pèp Izrayèl yo, li fè plan pou yo mache sou lavil Ayi. Jozye chwazi trantmil (30.000) vanyan gason, li fè yo pati devan nan mitan lannwit. So Joshua and the fighting-men got ready to go up against Ai; and Joshua took thirty thousand men of war, and sent them out by night.
καὶ ἀνέστη ἰησοῦς καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ πολεμιστῆς ὥστε ἀναβῆναι εἰς γαί ἐπέλεξεν δὲ ἰησοῦς τριάκοντα χιλιάδας ἀνδρῶν δυνατοῦς ἐν ἰσχύι καὶ ἀπέστειλεν αὐτοὺς νυκτός
- 4 Men lòd li ba yo: -Al anbiske kò nou lòt bò sou dèyè lavil la. Pa kache twò lwen non. Epi pare pou nou atake.
And he gave them their orders, saying, Go and take up your position secretly at the back of the town: do not go very far away, and let all of you be ready:
καὶ ἐνετείλατο αὐτοῖς λέγων ὑμεῖς ἐνεδρεύσατε ὀπίσω τῆς πόλεως μὴ μακρὰν γίνεσθε ἀπὸ τῆς πόλεως καὶ ἔσεσθε πάντες ἔτοιμοι
- 5 Mwen menm, mwen pral pwoche bò lavil la avèk tout sòlda ki avè m' yo pa devan pòtay la. Lè n'a wè moun lavil yo soté vin fè fas kare ak nou, nou menm ki sou devan yo, n'a pran kouri devan yo ankò, jan nou te fè l' anvan an.
And I and all the people with me will come near the town, and when they come out against us as they did before, we will go in flight from them;
καὶ ἐγὼ καὶ πάντες οἱ μετ' ἐμοῦ προσάξομεν πρὸς τὴν πόλιν καὶ ἔσται ὡς ἂν ἐξέλθωσιν οἱ κατοικοῦντες γαί εἰς συνάντησιν ἡμῖν καθάπερ καὶ πρόην καὶ φευξόμεθα ἀπὸ προσώπου αὐτῶν
- 6 Yo menm menm yo pral kouri dèyè nou, jouk y'a kite lavil la byen lwen dèyè yo, paske yo pral konprann se tankou premye fwa a.
And they will come out after us, till we have got them away from the town; for they will say, They have gone in flight from us as before; so we will go in flight before them;
καὶ ὡς ἂν ἐξέλθωσιν ὀπίσω ἡμῶν ἀποσπάσομεν αὐτοὺς ἀπὸ τῆς πόλεως καὶ ἐροῦσιν φεύγουσιν οὗτοι ἀπὸ προσώπου ἡμῶν ὃν τρόπον καὶ ἐμπροσθεν
- 7 Lè sa a, nou menm ki te kache sou dèyè a, n'a soté kote nou te anbiske kò nou an, n'a antre nan lavil la, paske Seyè a, Bondye nou an, ap lage lavil la nan men nou.
Then you will get up from your secret position and take the town, for the Lord your God will give it up into your hands.
ὑμεῖς δὲ ἐξαναστήσεσθε ἐκ τῆς ἐνέδρας καὶ πορεύσεσθε εἰς τὴν πόλιν
- 8 Lè n'a fin pran lavil la, n'a mete dife ladan l' jan Seyè a te mande l' la. Men lòd mwen ban nou.
And when you have taken the town, put fire to it, as the Lord has said: see, I have given you your orders.
κατὰ τὸ ῥῆμα τοῦτο ποιήσατε ἰδοὺ ἐντέταλμαι ὑμῖν
- 9 Se konsa, Jozye voye yo ale. Y' al anbiske kò yo sou dèyè lavil la, sou bò solèy kouche, ant lavil Ayi ak lavil Betèl. Jozye menm rete pase lannwit lan nan kan an.
So Joshua sent them out: and they took up a secret position between Beth-el and Ai, on the west side of Ai: but Joshua kept with the people that night.
καὶ ἀπέστειλεν αὐτοὺς ἰησοῦς καὶ ἐπορεύθησαν εἰς τὴν ἐνέδραν καὶ ἐνεκάθισαν ἀνὰ μέσον βαιθηλ καὶ ἀνὰ μέσον γαί ἀπὸ θαλάσσης τῆς γαί
- 10 Nan maten, bonè bonè, Jozye leve, li reyini tout lòt sòlda yo. Li pase yo enspeksyon. Apre sa, li pran direksyon lavil Ayi a pou li. Li t'ap mache alatèt lame a ansanm ak tout chèf fanmi pèp Izrayèl yo.
And early in the morning Joshua got up, and put the people in order, and he and the chiefs of Israel went up before the people to Ai.
καὶ ὀρθρίσας ἰησοῦς τὸ πρωὶ ἐπεσκέψατο τὸν λαόν καὶ ἀνέβησαν αὐτὸς καὶ οἱ πρεσβύτεροι κατὰ πρόσωπον τοῦ λαοῦ ἐπὶ γαί
- 11 Sòlda ki te avè l' yo rive jouk anfas pòtay lavil la. Yo moute kan yo sou bò nò lavil Ayi a. Yo kite yon ti fon nan mitan yo ak lavil Ayi a.
And all the fighting-men who were with him went up and came near the town, and took up a position on the north side of Ai facing the town, with a valley between him and the town.
καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ πολεμιστῆς μετ' αὐτοῦ ἀνέβησαν καὶ πορευόμενοι ἦλθον ἐξ ἐναντίας τῆς πόλεως ἀπ' ἀνατολῶν
- 12 Jozye pran senkmil (5.000) sòlda, li fè yo al kache sou bò solèy kouche, ant lavil Ayi ak lavil Betèl.
And taking about five thousand men, he put them in position for a surprise attack on the west side of Ai, between Beth-el and Ai.
καὶ τὰ ἐνεδρα τῆς πόλεως ἀπὸ θαλάσσης

- 14 Lè wa lavil Ayi a wè sòlda Jozye yo, li menm ansanm ak tout gason nan lavil la, yo leve granmaten, yo prese pare yo. Yo soti al atake moun Izrayèl yo sou pant ki desann nan Fon Jouden an. Men, li pa t' konnen yo tapral atake l' sou dèyè.
Now when the king of Ai saw it, he got up quickly and went out to war against Israel, he and all his people, to the slope going down to the valley; but he had no idea that a secret force was waiting at the back of the town.
καὶ ἐγένετο ὡς εἶδεν βασιλεὺς γαὶ ἔσπευσεν καὶ ἐξῆλθεν εἰς συνάντησιν αὐτοῖς ἐπ' εὐθείας εἰς τὸν πόλεμον αὐτὸς καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ καὶ αὐτὸς οὐκ ᾔδει ὅτι ἔνεδρα αὐτῷ ἐστὶν ὀπίσω τῆς πόλεως
- 15 Jozye ak moun pa l' yo fè tankou y'ap kouri pou yo, yo lage kò yo nan dezè a.
Then Joshua and all Israel, acting as if they were overcome before them, went in flight by way of the waste land.
καὶ εἶδεν καὶ ἀνεχώρησεν ἰησοῦς καὶ ἰσραηλ ἀπὸ προσώπου αὐτῶν
- 16 Tout gason ki te nan lavil la t'ap kouri dèyè yo, yo t'ap rele byen fò. Se konsa, nan kouri dèyè Jozye a, yo kite lavil la byen lwen dèyè.
And all the people in Ai came together to go after them; and they went after Joshua, moving away from the town.
καὶ κατεδίωξαν ὀπίσω τῶν υἱῶν ἰσραηλ καὶ αὐτοὶ ἀπέστησαν ἀπὸ τῆς πόλεως
- 17 Pa t' gen yon gason nan lavil Ayi a, tout te kouri soti dèyè pèp Izrayèl la. Yo kite pòtay lavil la gran batan louvri san pesonn pou defann li.
There was not a man in Ai and Beth-el who did not go out after Israel; and the town was open and unwatched while they went after Israel.
οὐ κατελείφθη οὐθεὶς ἐν τῇ γαὶ ὅς οὐ κατεδίωξεν ὀπίσω ἰσραηλ καὶ κατέλιπον τὴν πόλιν ἀνεφγμένην καὶ κατεδίωξαν ὀπίσω ἰσραηλ
- 18 Seyè a di Jozye konsa: -Leve frenn ki nan men ou lan, lonje l' sou lavil Ayi a: mwen pral lage lavil la nan men ou. Jozye lonje frenn ki te nan men l' lan sou lavil la.
And the Lord said to Joshua, Let your spear be stretched out against Ai; for I will give it into your hands. So Joshua took up his spear, stretching it out in the direction of the town.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν ἔκτεινον τὴν χειρὰ σου ἐν τῷ γαίῳ τῷ ἐν τῇ χειρὶ σου ἐπὶ τὴν πόλιν εἰς γὰρ τὰς χειράς σου παραδέδωκα αὐτὴν καὶ τὰ ἔνεδρα ἐξαναστήσονται ἐν τάχει ἐκ τοῦ τόπου αὐτῶν καὶ ἐξέτεινεν ἰησοῦς τὴν χειρὰ αὐτοῦ τὸν γαῖσον ἐπὶ τὴν πόλιν
- 19 Leve li leve men l', mesye ki te anbiske kò yo soti byen vit nan kachèt yo a, yo kouri antre nan lavil la, yo pran lavil la pou yo. Lamenn yo mete dife ladan l'.
Then the secret force came quickly from their place, and running forward when they saw his hand stretched out, went into the town and took it, and put fire to it straight away.
καὶ τὰ ἔνεδρα ἐξανεστήσαν ἐν τάχει ἐκ τοῦ τόπου αὐτῶν καὶ ἐξήλθοσαν ὅτε ἐξέτεινεν τὴν χειρὰ καὶ ἦλθοσαν ἐπὶ τὴν πόλιν καὶ κατελάβοντο αὐτὴν καὶ σπεύσαντες ἐνέπρησαν τὴν πόλιν ἐν πυρὶ
- 20 Lè mesye lavil Ayi yo vire tèt yo gade, yo wè yon gwo lafimen ki t'ap soti nan lavil la moute nan syèl, yo pa t' konn ki bò pou yo fè, paske lè sa a, sòlda pèp Izrayèl ki t'ap kouri nan direksyon dezè a te vire tounen sou yo.
Then the men of Ai, looking back, saw the smoke of the town going up to heaven, and were unable to go this way or that: and the people who had gone in flight to the waste land were turned back on those who were coming after them.
καὶ περιβλέψαντες οἱ κάτοικοι γαὶ εἰς τὰ ὀπίσω αὐτῶν καὶ ἐθεώρουν καπνὸν ἀναβαίνοντα ἐκ τῆς πόλεως εἰς τὸν οὐρανὸν καὶ οὐκέτι εἶχον ποῦ φύγωσιν ὧδε ἢ ὧδε
- 21 Lè Jozye ak tout moun li yo wè lòt sòlda ki te kache yo te pran lavil la, lè yo wè dife nan lavil la, yo vire tounen, yo atake moun lavil Ayi yo.
And when Joshua and all Israel saw that the town had been taken by the surprise attack, and that the smoke of the town had gone up, turning round they overcame the men of Ai.
καὶ ἰησοῦς καὶ πᾶς ἰσραηλ εἶδον ὅτι ἔλαβον τὰ ἔνεδρα τὴν πόλιν καὶ ὅτι ἀνέβη ὁ καπνὸς τῆς πόλεως εἰς τὸν οὐρανὸν καὶ μεταβαλόμενοι ἐπάταξαν τοὺς ἀνδρας τῆς γαὶ
- 22 Lòt moun pèp Izrayèl yo menm soti nan lavil la, epi yo mache sou yo tou. Konsa moun lavil Ayi yo te sènen toupatou ak moun pèp Izrayèl yo. Sòlda pèp Izrayèl yo touye mezi moun yo jwenn devan yo. Yo pa kite yonn vivan,
Then the other force came out of the town against them, so that they were being attacked on this side and on that: and Israel overcame them and let not one of them get away with his life.
καὶ οὗτοι ἐξήλθοσαν ἐκ τῆς πόλεως εἰς συνάντησιν καὶ ἐγενήθησαν ἀνά μέσον τῆς παρεμβολῆς οὗτοι ἐντεῦθεν καὶ οὗτοι ἐντεῦθεν καὶ ἐπάταξαν ἕως τοῦ μὴ καταλειφθῆναι αὐτῶν σεσωσμένον καὶ διαπρφευγόντα
- 23 ¶ eseptwa lavil Ayi a. Yo pran mesye, yo mennen l' bay Jozye.
But the king of Ai they made prisoner, and took him to Joshua.
καὶ τὸν βασιλέα τῆς γαὶ συνέλαβον ζῶντα καὶ προσήγαγον αὐτὸν πρὸς ἰησοῦν
- 24 Moun Izrayèl yo kouri dèyè lènmi yo nan tout mòn yo ak nan tout dezè a. Lè yo fin touye tout, yo tounen lavil Ayi, epi yo touye tout moun ki te ladan l'.
Then, after the destruction of all the people of Ai in the field and in the waste land where they went after them, and when all the people had been put to death without mercy, all Israel went back to Ai, and put to death all who were in it without mercy.
καὶ ὡς ἐπαύσαντο οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἀποκτείνοντες πάντας τοὺς ἐν τῇ γαὶ τοὺς ἐν τοῖς πεδίοις καὶ ἐν τῷ ὄρει ἐπὶ τῆς καταβάσεως οὗ κατεδίωξαν αὐτοὺς ἀπ' αὐτῆς εἰς τέλος καὶ ἀπέστρεψεν ἰησοῦς εἰς γαὶ καὶ ἐπάταξεν αὐτὴν ἐν στόματι ῥομφαίας

- 25 **Jou sa a, yo touye douzmil (12000) moun, fi kou gason, ki t'ap viv nan lavil Ayi a.**
On that day twelve thousand were put to death, men and women, all the people of Ai.
και ἐγενήθησαν οἱ πεσόντες ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἀπὸ ἀνδρῶς και ἕως γυναικῶς δώδεκα χιλιάδες πάντας τοὺς κατοικοῦντας γαι
- 27 **Moun Izrayèl yo te pran tout bèt moun yo ak tout byen yo pou yo, jan Seyè a te bay Jozye lòd la.**
But the cattle and the goods from that town, Israel took for themselves, as the Lord had given orders to Joshua.
πλὴν τῶν κτηνῶν και τῶν σκύλων τῶν ἐν τῇ πόλει πάντα ἃ ἐπρονόμεισαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ κατὰ πρόσταγμα κυρίου ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος τῷ ἰησοῖ
- 28 **Jozye boule lavil Ayi a, li fè l' tounen mazi, kote moun pa janm rete jouk jòdi a.**
So Joshua gave Ai to the flames, and made it a waste mass of stones for ever, as it is to this day.
και ἐνεπύρισεν ἰησοῦς τὴν πόλιν ἐν πυρὶ χῶμα ἀοικητον εἰς τὸν αἰῶνα ἔθηκεν αὐτὴν ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 29 **Li fè yo pann wa lavil Ayi a nan yon pyebwa, epi yo kite l' la jouk aswè. Lè solèy kouche, Jozye bay lòd pou yo desann kadav la. Yo pran l', yo voye l' jete devan pòtay lavil la. Yo mete yon gwo pil wòch sou li. Pil wòch la la jouk jòdi a.**
And he put the king of Ai to death, hanging him on a tree till evening: and when the sun went down, Joshua gave them orders to take his body down from the tree, and put it in the public place of the town, covering it with a great mass of stones, which is there to this day.
και τὸν βασιλέα τῆς γαι ἐκρέμασεν ἐπὶ ξύλου διδύμου και ἦν ἐπὶ τοῦ ξύλου ἕως ἑσπέρας και ἐπιδύνοντος τοῦ ἡλίου συνέταξεν ἰησοῦς και καθείλοσαν αὐτοῦ τὸ σῶμα ἀπὸ τοῦ ξύλου και ἔρριψαν αὐτὸν εἰς τὸν βόθρον και ἐπέστησαν αὐτῷ σωρὸν λίθων ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 1 ¶ **Nouvèl bagay sa yo rive nan zòrèy tout wa ki t'ap gouvènèn lòt bò larivyè Jouden an sou solèy kouche, nan mòn yo, nan plenn yo, sou tout rivaj lanmè Mediterane a, jouk peyi Liban sou bò nò. Te gen wa moun Et yo, wa moun Amori yo, wa moun Kanaran yo, wa moun Ferezi yo, wa moun Evi yo ak wa moun Jebis yo.**
Now on hearing the news of these things, all the kings on the west side of Jordan, in the hill-country and the lowlands and by the Great Sea in front of Lebanon, the Hittites and the Amorites, the Canaanites, the Perizzites, the Hivites, and the Jebusites,
ὡς δ' ἤκουσαν οἱ βασιλεῖς τῶν αμορραίων οἱ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου οἱ ἐν τῇ ὄρεινῇ και οἱ ἐν τῇ πεδινῇ και οἱ ἐν πάσῃ τῇ παραλίᾳ τῆς θαλάσσης τῆς μεγάλης και οἱ πρὸς τῷ ἀντιλίβανῳ και οἱ χεττ αἰοι και οἱ χαναναῖοι και οἱ φερεζαῖοι και οἱ ευαῖοι και οἱ αμορραῖοι και οἱ γεργεσαῖοι και οἱ ιεβουσαῖοι
- 2 **Yo tout yo mete tèt ansanm pou yo goumen kont Jozye ak pèp Izrayèl la.**
Came together with one purpose, to make war against Joshua and Israel.
συνήλθοσαν ἐπὶ τὸ αὐτὸ ἐκπολεμηῆσαι ἰησοῦν και ἰσραηλ ἅμα πάντες [2α] τότε ἐκκοδόμησεν ἰησοῦς θυσιαστήριον κυρίῳ τῷ θεῷ ἰσραηλ ἐν ὄρει γαιβαλ [2β] καθότι ἐνετείλατο μουσῆς ὁ θεράπων κυρίου τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ καθὰ γέγραπται ἐν τῷ νόμῳ μουσῆ ἑκδοκλήρων ἐφ' οὗς οὐκ ἐπεβλήθη σίδηρος και ἀνεβίβασεν ἐκεῖ ὀλοκαυτώματα κυρίῳ και θυσίαν σωτηρίου [2ξ] και ἔγραψεν ἰησοῦς ἐπὶ τῶν λίθων τὸ δευτερονόμιον νόμον μουσῆ ὃν ἔγραψεν ἐνώπιον υἱῶν ἰσραηλ [2δ] και πᾶς ἰσραηλ και οἱ πρεσβύτεροι αὐτῶν και οἱ δικασταὶ και οἱ γραμματεῖς αὐτῶν παρεπορεύοντο ἐν θεν και ἔνθεν τῆς κιβωτοῦ ἀπέναντι και οἱ ἱερεῖς και οἱ λευῖται ἦραν τὴν κιβωτὸν τῆς διαθήκης κυρίου και ὁ προσήλυτος και ὁ αὐτόχθων οἱ ἦσαν ἡμισυ πλησίον ὄρους γαιζιν και οἱ ἦσαν ἡμισυ πλησίον ὄρους γαιβαλ καθότι ἐνετείλατο μουσῆς ὁ θεράπων κυρίου εὐλογῆσαι τὸν λαὸν ἐν πρώτοις [2ε] και μετὰ ταῦτα οὕτως ἀνέγνω ἰησοῦς πάντα τὰ ῥήματα τοῦ νόμου τούτου τὰς εὐλογίας και τὰς καταράρας κατὰ πάντα τὰ γεγραμμένα ἐν τῷ νόμῳ μουσῆ [2φ] οὐκ ἦν ῥῆμα ἀπὸ πάντων ὧν ἐνετείλατο μουσῆς τῷ ἰησοῖ ὁ οὐκ ἀνέγνω ἰησοῦς εἰς τὰ ὅτα πάσης ἐκκλησίας υἱῶν ἰσραηλ τοῖς ἀνδράσιν και τὰ ἴς γυναιξίν και τοῖς παιδίοις και τοῖς προσηλύτοις τοῖς προσπορευομένοις τῷ ἰσραηλ.
- 3 ¶ **Lè moun peyi Gabawon yo vin konnen kisa Jozye te fè moun Jeriko yo ak moun Ayi yo,**
And the men of Gibeon, hearing what Joshua had done to Jericho and Ai,
και οἱ κατοικοῦντες γαιβαων ἤκουσαν πάντα ὅσα ἐποίησεν κύριος τῇ ιεριχω και τῇ γαι
- 4 **yo di yo pral pran li nan plan. Yo leve, yo fè pwovizyon, yo chaje bourik yo avèk yon bann vye sak ak veso fèt ak po bèt pou mete diven. Veso yo te tou kreve, yo te pyese nan tout kò yo. Moun Gabawon yo pati.**
Acting with deceit, got food together as if for a long journey; and took old food-bags for their asses, and old and cracked wine-skins kept together with cord;
και ἐποίησαν και γε αὐτοὶ μετὰ πανουργίας και ἐλθόντες ἐπεσιτίσαντο και ἠτοιμάσαντο και λαβόντες σάκκους παλαιούς ἐπὶ τῶν ὄνων αὐτῶν και ἀσκούς οἴνου παλαιούς και κατερρωγώτας ἀποδεδεμέ νους
- 5 **Yo te menm rive mete vye sapat rapyese nan pye yo ak vye rad chire sou yo. Yo pran pen rasi kraze an miyèt moso, yo pote pou manje yo.**
And put old stitched-up shoes on their feet, and old clothing on their backs; and all the food they had with them was dry and broken up.
και τὰ κοῖλα τῶν ὑποδημάτων αὐτῶν και τὰ σανδάλια αὐτῶν παλαιὰ και καταπετελματωμένα ἐν τοῖς ποσίν αὐτῶν και τὰ ἰμάτια αὐτῶν πεπαλαιωμένα ἐπάνω αὐτῶν και ὁ ἄρτος αὐτῶν τοῦ ἐπισιτισμοῦ οὗ ξηρὸς και εὐρωτιῶν και βεβρωμένους
- 6 **Yo pati, yo vin jwenn Jozye nan kan Gilgal la. Yo pale ak li ansanm ak mesye pèp Izrayèl yo, yo di yo konsa: -Nou sot nan yon peyi ki byen lwen isit la. Ann pase yon kontra yonn ak lòt non!**
And they came to Joshua to the tent-circle at Gilgal, and said to him and to the men of Israel, We have come from a far country: so now make an agreement with us.
και ἦλθοσαν πρὸς ἰησοῦν εἰς τὴν παρεμβολὴν ἰσραηλ εἰς γαιγαλα και εἶπαν πρὸς ἰησοῦν και ἰσραηλ ἐκ γῆς μακρόθεν ἤκαμεν και νῦν διάθεσθε ἡμῖν διαθήκην

- 7 Men, mesye pèp Izrayèl yo di moun Evi yo konsa: -Pou di se pa toupre la a nou rete? Ki jan nou ta vle pou nou pase kontra ak nou?
And the men of Israel said to the Hivites, It may be that you are living among us; how then may we make an agreement with you?
καὶ εἶπαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ πρὸς τὸν χορραῖον ὄρα μὴ ἐν ἐμοὶ κατοικεῖς καὶ πῶς σοι διαθῶμαι διαθήκη
- 8 Moun Evi yo di Jozye: -Se sèvi nou vin sèvi ou! Jozye mande yo: -Men, ki moun nou ye menm? Ki bò nou soti?
And they said to Joshua, We are your servants. Then Joshua said to them, Who are you and where do you come from?
καὶ εἶπαν πρὸς ἰησοῦν οἰκέται σου ἐσμεν καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς ἰησοῦς πόθεν ἐστὲ καὶ πόθεν παραγεγόνατε
- 9 Yo reponn li: -Mèt, nou soti nan yon peyi byen lwen, paske nou tande pale ki moun Seyè a, Bondye ou la, ye. Nou pran nouvèl tou sa li fè nan peyi Lejip,
And they said to him, Your servants have come from a very far country, because of the name of the Lord your God: for the story of his great name, and of all he did in Egypt has come to our ears,
καὶ εἶπαν ἐκ γῆς μακρόθεν σφόδρα ἤκασιν οἱ παῖδες σου ἐν ὀνόματι κυρίου τοῦ θεοῦ σου ἀκηκόαμεν γὰρ τὸ ὄνομα αὐτοῦ καὶ ὅσα ἐποίησεν ἐν αἰγύπτῳ
- 10 ak tou sa li fè de wa moun Amori yo ki t'ap gouvènè lèt bò larivyè Jouden an: Siyon, wa peyi Esbon an ak Og, wa peyi Bazan an, ki te rete lavil Astawòt.
And what he did to the two kings of the Amorites east of Jordan, to Sihon, king of Heshbon, and to Og, king of Bashan, at Ashtaroth.
καὶ ὅσα ἐποίησεν τοῖς βασιλεῦσιν τῶν αμορραίων οἱ ἦσαν πέραν τοῦ ἰορδάνου τῷ σιῶν βασιλεῖ εσεβων καὶ τῷ ὠγ βασιλεῖ τῆς βασαν ὃς κατόκει ἐν ασταρωθ καὶ ἐν εδραῖν
- 11 Lè sa a, chèf nou yo ak tout moun ki rete nan peyi nou an di nou fè pwovizyon pou n' al vwayaje al kontre moun sa yo. N'a di yo konsa men nou vin sèvi yo. Tanpri, pase yon kontra ak nou.
So the responsible men and all the people of our country said to us, Take food with you for the journey and go to them, and say to them, We are your servants: so now make an agreement with us.
καὶ ἀκούσαντες εἶπαν πρὸς ἡμᾶς οἱ πρεσβύτεροι ἡμῶν καὶ πάντες οἱ κατοικοῦντες τὴν γῆν ἡμῶν λέγοντες λάβετε ἐναντοῖς ἐπισιτισμὸν εἰς τὴν ὁδὸν καὶ πορεύθητε εἰς συνάντησιν αὐτῶν καὶ ἐρεῖτε πρὸς αὐτούς οἰκέται σου ἐσμεν καὶ νῦν διάθεσθε ἡμῖν διαθήκη
- 12 Gade pen nou rete. Yo te tou cho jou nou pati vin kontre nou an. Men, koulye a, gade jan yo rasi, jan yo tounen ti miyèt.
This bread which we have with us for our food, we took warm and new from our houses when starting on our journey to you; but now see, it has become dry and broken up.
οὗτοι οἱ ἄρτοι θερμοὺς ἐφοδιασθημεν αὐτοὺς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἣ ἐξήλθομεν παραγενέσθαι πρὸς ὑμᾶς νῦν δὲ ἐξηράνθησαν καὶ γεγόνασιν βεβρωμένοι
- 13 Lè nou te plen veso diven sa yo, yo te tou nèf. Gade koulye a jan yo plen twou. Gade jan rad nou ak sapat nou fini tèlman nou mache anpil.
And these wine-skins were new when we put the wine in them, and now they are cracked as you see; and our clothing and our shoes have become old because of our very long journey here.
καὶ οὗτοι οἱ ἀσκοὶ τοῦ οἴνου οὐκ ἐπλήσαμεν καινοὺς καὶ οὗτοι ἐρρώγασιν καὶ τὰ ἱμάτια ἡμῶν καὶ τὰ ὑποδήματα ἡμῶν πεπαλαιῶνται ἀπὸ τῆς πολλῆς ὁδοῦ σφόδρα
- 14 Chèf pèp Izrayèl yo pran nan sa yo te pote a, san yo pa mande Seyè a sa li di nan sa.
And the men took some of their food, without requesting directions from the Lord.
καὶ ἔλαβον οἱ ἄρχοντες τοῦ ἐπισιτισμοῦ αὐτῶν καὶ κύριον οὐκ ἐπηρώτησαν
- 15 ¶ Jozye pase yon kontra ak yo pou yo viv byen yonn ak lòt, li fè kontra ak yo pou li pa touye yo. Chèf pèp Izrayèl yo fè sèman yo p'ap fè yo anyen.
So Joshua made peace with them, and made an agreement with them that they were not to be put to death: and the chiefs of the people took an oath to them.
καὶ ἐποίησεν ἰησοῦς πρὸς αὐτοὺς εἰρήνην καὶ διέθετο πρὸς αὐτοὺς διαθήκη τοῦ διασῶσαι αὐτούς καὶ ὤμοσαν αὐτοῖς οἱ ἄρχοντες τῆς συναγωγῆς
- 16 Twa jou apre yo te fin siyen kontra a, moun pèp Izrayèl yo vin konnen moun sa yo te rete toupre a, nan mitan peyi Izrayèl la.
Now three days after, when they had made this agreement with them, they had word that these men were their neighbours, living near them.
καὶ ἐγένετο μετὰ τρεῖς ἡμέρας μετὰ τὸ διαθέσθαι πρὸς αὐτοὺς διαθήκη ἤκουσαν ὅτι ἐγγύθεν αὐτῶν εἰσιν καὶ ὅτι ἐν αὐτοῖς κατοικοῦσιν
- 17 Moun pèp Izrayèl yo leve, yo pati dèyè yo. Sou twa jou, yo rive nan lavil kote moun sa yo te rete a. Se te lavil Gabawon, lavil Kefira, lavil Beewòt ak Keryat-Jearim.
And the children of Israel went forward on their journey, and on the third day came to their towns. Now their towns were Gibeon and Chephirah and Beeroth and Kiriath-jearim.
καὶ ἀπῆραν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ καὶ ἦλθον εἰς τὰς πόλεις αὐτῶν αἱ δὲ πόλεις αὐτῶν γαβαων καὶ κεφίρα καὶ βηρωθ καὶ πόλις ἰαριν
- 18 Men, moun pèp Izrayèl yo pa t' ka touye yo, paske chèf moun Izrayèl yo te fè sèman ba yo nan non Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, yo p'ap fè yo anyen. Lè sa a, tout pèp Izrayèl la t'ap bougonnen sou do chèf yo pou sa.
And the children of Israel did not put them to death, because the chiefs of the people had taken an oath to them by the Lord, the God of Israel. And all the people made an outcry against the chiefs.
καὶ οὐκ ἐμαχέσαντο αὐτοῖς οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ὅτι ὤμοσαν αὐτοῖς πάντες οἱ ἄρχοντες κύριον τὸν θεὸν ἰσραὴλ καὶ διεγόγγυσαν πᾶσα ἡ συναγωγὴ ἐπὶ τοῖς ἄρχουσιν
- 19 Men, chèf yo reyini tout moun, yo di yo: -Depi nou fè sèman ba yo nan non Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, nou pa gen dwa manyen yo.
But all the chiefs said to the people, We have taken an oath to them by the Lord, the God of Israel, and so we may not put our hands on them.
καὶ εἶπαν οἱ ἄρχοντες πᾶσῃ τῇ συναγωγῇ ἡμεῖς ὤμοσαμεν αὐτοῖς κύριον τὸν θεὸν ἰσραὴλ καὶ νῦν οὐ δυνησόμεθα ἄψασθαι αὐτῶν

- 20 Konsa, poutèt sèman nou te fè a, se pou nou kite yo viv. Paske, si nou fè yo anyen, Bondye va pini nou.
This is what we will do to them: we will not put them to death, for fear that wrath may come on us because of our oath to them.
τοῦτο ποιήσομεν ζωοῦσθαι αὐτούς καὶ περιποιησόμεθα αὐτούς καὶ οὐκ ἔσται καθ' ἡμῶν ὀργὴ διὰ τὸν ὄρκον ὃν ὠμόσαμεν αὐτοῖς
- 21 Wi, se pou yo viv. Men, n'a pran yo pou fann bwa, pou bwote dlo pou nou jan chèf yo te di a.
Keep them living, and let them be servants, cutting wood and getting water for all the people. And all the people did as the chiefs had said to them.
ζήσονται καὶ ἔσονται ξυλοκόποι καὶ ὑδροφόροι πάσῃ τῇ συναγωγῇ καθάπερ εἶπαν αὐτοῖς οἱ ἄρχοντες
- 22 ¶ Jozye fè chache moun Gabawon yo, li mande yo: -Poukisa nou ban nou gwo manti sa a? Nou di nou rete byen lwen, epi se la a, nan mitan nou, nou moun.
Then Joshua sent for them, and said to them, Why have you been false to us, saying, We are very far from you, when you are living among us?
καὶ συνεκάλεσεν αὐτοὺς ἰησοῦς καὶ εἶπεν αὐτοῖς διὰ τί παρελογίσασθέ με λέγοντες μακρὰν ἀπὸ σοῦ ἔσμεν σφόδρα ὑμεῖς δὲ ἐγγώριοι ἔστε τῶν κατοικούντων ἐν ἡμῖν
- 23 Poutèt sa, madichon ap tonbe sou nou. N'ap toujou sèvi nou domestik. Depi jòdi a, se nou menm ki pou fann bwa, ki pou bwote dlo nou bezwen pou kay Bondye nou an.
Now because of this you are cursed, and you will for ever be our servants, cutting wood and getting water for the house of my God.
καὶ νῦν ἐπικατάρατοί ἐστε οὐ μὴ ἐκλίπῃ ἐξ ὑμῶν δοῦλος οὐδὲ ξυλοκόπος ἐμοὶ καὶ τῷ θεῷ μου
- 24 Yo reponn: -Mèt, nou te fè sa paske nou te vin konnen se tout bon Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te bay Moyiz, sèvitè l' la, lòd pou li ba yo tout peyi sa a, pou li touye tout pèp ki rete ladan l' pou fè plas pou yo. Konsa, lè nou vin konnen nou t'ap pwoche bò kote nou rete a, nou te pè anpil pou nou pa t' mouri. Se sa ki fè nou te fè sa.
And, answering Joshua, they said, Because it came to the ears of your servants that the Lord your God had given orders to his servant Moses to give you all this land, and to send destruction on all the people living in it, because of you; so, fearing greatly for our lives because of you, we have done this.
καὶ ἀπεκρίθησαν τῷ ἰησοῦ λέγοντες ἀνηγγέλη ἡμῖν ὅσα συνέταξεν κύριος ὁ θεός σου μουσῆ τῷ παιδί αὐτοῦ δοῦναι ὑμῖν τὴν γῆν ταύτην καὶ ἐξολεθρεῦσαι ἡμᾶς καὶ πάντας τοὺς κατοικούντας ἐπ' αὐτῇ ἡ ἀπὸ προσώπου ὑμῶν καὶ ἐφοβήθημεν σφόδρα περὶ τῶν ψυχῶν ἡμῶν ἀπὸ προσώπου ὑμῶν καὶ ἐποιήσαμεν τὸ πρᾶγμα τοῦτο
- 25 Koulye a, nou nan men ou! W'a fè sa ou vle ak nou, jan ou santi ou dwe fè l' la.
And now we are in your hands: do to us whatever seems good and right to you.
καὶ νῦν ἰδοὺ ἡμεῖς ὑποχείριοι ὑμῖν ὡς ἀρέσκει ὑμῖν καὶ ὡς δοκεῖ ὑμῖν ποιήσατε ἡμῖν
- 26 Se konsa Jozye delivre yo anba men moun pèp Izrayèl yo, li pa kite yo touye yo.
So he kept them safe from the children of Israel, and did not let them be put to death.
καὶ ἐποίησαν αὐτοῖς οὕτως καὶ ἐξεῖλατο αὐτοὺς ἰησοῦς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐκ χειρῶν υἱῶν ἰσραὴλ καὶ οὐκ ἀνεῖλον αὐτούς
- 27 Depi jou sa a, Jozye mete yo la pou fann bwa, pou bwote dlo pou pèp Izrayèl la ak pou lotèl Seyè a. Jouk jòdi a, se sa y'ap fè tout kote Seyè a chwazi pou yo adore l' la.
And that day Joshua made them servants, cutting wood and getting water for the people and for the altar of the Lord, in the place marked out by him, to this day.
καὶ κατέστησεν αὐτοὺς ἰησοῦς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ξυλοκόπους καὶ ὑδροφόρους πάσῃ τῇ συναγωγῇ καὶ τῷ θυσιαστηρίῳ τοῦ θεοῦ διὰ τοῦτο ἐγένοντο οἱ κατοικούντες γαβαων ξυλοκόποι καὶ ὑδροφόροι τοῦ θυσιαστηρίου τοῦ θεοῦ ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας καὶ εἰς τὸν τόπον ὃν ἐν ἐκλέξειται κύριος
- 1 ¶ Adonisedèk, wa lavil Jerizalèm lan, te vin konnen Jozye te pran lavil Ayi a, li te detwi l' nèt tankou yon ofrann pou Seyè a, li te touye wa a menm jan li te fè l' pou lavil Jeriko ansanm ak wa li a.
Adonisedèk te vin pran nouvèl tou moun Gabawon yo te al rann tèt yo bay moun Izrayèl yo, epi yo t'ap viv nan mitan yo.
Now when it came to the ears of Adoni-zedek, king of Jerusalem, that Joshua had taken Ai, and had given it up to the curse (for as he had done to Jericho and its king, so he had done to Ai and its king); and that the people of Gibeon had made peace with Israel and were living among them;
ὡς δὲ ἤκουσεν ἀδωνιβεζεκ βασιλεὺς ἱερουσαλὴμ ὅτι ἔλαβεν ἰησοῦς τὴν γαὶ καὶ ἐξολέθρευσεν αὐτὴν ὃν τρόπον ἐποίησαν τὴν ἱεριχὼ καὶ τὸν βασιλεῖα αὐτῆς οὕτως ἐποίησαν τὴν γαὶ καὶ τὸν βασιλεῖα αὐτῆς καὶ ὅτι αὐτομόλησαν οἱ κατοικούντες γαβαων πρὸς ἰησοῦν καὶ πρὸς ἰσραὴλ
- 2 Tout moun lavil Jerizalèm yo te pè anpil, paske Gabawon te yon gwo lavil, tankou nenpòt ki lavil ki te gen yon wa ap gouvènen li. Li te pi gwo pase lavil Ayi. Lèfini, tout gason la te vanyan sòlda.
He was in great fear, because Gibeon was a great town, like one of the king's towns, greater than Ai, and all the men in it were men of war.
καὶ ἐφοβήθησαν ἐν αὐτοῖς σφόδρα ἦδει γὰρ ὅτι μεγάλη πόλις γαβαων ὡσεὶ μία τῶν μητροπόλεων καὶ πάντες οἱ ἄνδρες αὐτῆς ἰσχυροὶ
- 3 Se konsa, Adonisedèk, wa lavil Jerizalèm lan, voye misyon bay Oram, wa lavil Ebwon, bay Pireyam, wa lavil Jamout, bay Jafya, wa lavil Lakis, ak bay Debi, wa lavil Eglon.
So Adoni-zedek, king of Jerusalem, sent to Hoham, king of Hebron, and to Piram, king of Jarmuth, and to Japhia, king of Lachish, and to Debir, king of Eglon, saying,
καὶ ἀπέστειλεν ἀδωνιβεζεκ βασιλεὺς ἱερουσαλὴμ πρὸς αἰλαμ βασιλεῖα χεβρων καὶ πρὸς φιδων βασιλεῖα ἱεριμουθ καὶ πρὸς ιεφθα βασιλεῖα λαχισ καὶ πρὸς δαβιρ βασιλεῖα οδολλαιμ λέγων
- 4 Li voye di yo. -Vin jwenn mwen. Vin ede m' atake lavil Gabawon, paske moun sa yo al rann tèt yo bay Jozye ak pèp Izrayèl la.
Come up to me and give me help, and let us make an attack on Gibeon: for they have made peace with Joshua and the children of Israel.
δεῦτε ἀνάβητε πρὸς με καὶ βοηθήσατέ μοι καὶ ἐκπολεμήσομεν γαβαων αὐτομόλησαν γὰρ πρὸς ἰησοῦν καὶ πρὸς τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ

- 5 Se konsa senk wa moun Amori yo: wa lavil Jerizalèm lan, wa lavil Ebwon an, wa lavil Jamout la, wa lavil Lakis la, wa lavil Eglon an, mete tèt ansanm, yo fè yon sèl lame ak tout sòlda yo. Yo sènen lavil Gabawon, yo atake l'.
So the five kings of the Amorites, the king of Jerusalem, the king of Hebron, the king of Jarmuth, the king of Lachish, and the king of Eglon, were banded together, and went up with all their armies and took up their position before Gibeon and made war against it.
 καὶ ἀνέβησαν οἱ πέντε βασιλεῖς τῶν ιεβουσαίων βασιλεὺς ιερουσαλημ καὶ βασιλεὺς χεβρων καὶ βασιλεὺς ιεριμουθ καὶ βασιλεὺς λαχισ καὶ βασιλεὺς οδολλαμ αὐτοὶ καὶ πᾶς ὁ λαὸς αὐτῶν καὶ περιεκάθησαν τὴν γαβων καὶ ἐξεπολιόρκουν αὐτήν
- 6 Moun lavil Gabawon yo voye mesaje nan kan Gilgal la di Jozye konsa: -Mèt, tanpri, pa lage nou! Prese vin jwenn nou pou ede nou, pou delivre nou. Paske tout wa moun Amori ki rete nan mòn yo mete tèt ansanm, yo leve dèyè nou pou yo fini ak nou.
And the men of Gibeon sent to Joshua to the tent-circle at Gilgal, saying, Be not slow to send help to your servants; come up quickly to our support and keep us safe: for all the kings of the Amorites from the hill-country have come together against us.
 καὶ ἀπέστειλαν οἱ κατοικοῦντες γαβων πρὸς ἰησοῦν εἰς τὴν παρεμβολὴν ἰσραηλ εἰς γαλγαλα λέγοντες μὴ ἐκλύσης τὰς χεῖράς σου ἀπὸ τῶν παιδῶν σου ἀνάβηθι πρὸς ἡμᾶς τὸ τάχος καὶ ἐξελοῦ ἡμᾶς καὶ ἰβοήθησον ἡμῖν ὅτι συνηγμένοι εἰσὶν ἐφ' ἡμᾶς πάντες οἱ βασιλεῖς τῶν αμορραίων οἱ κατοικοῦντες τὴν ὄρεινήν
- 7 ¶ Se konsa, Jozye ak tout lame a ansanm ak tout vanyan sòlda li yo kite Gilgal, yo leve yo pati.
So Joshua went up from Gilgal with all his army and all his men of war.
 καὶ ἀνέβη ἰησοῦς ἐκ γαλγαλων αὐτὸς καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ πολεμιστὴς μετ' αὐτοῦ πᾶς δυνατὸς ἐν ἰσχύι
- 8 Seyè a di Jozye konsa: -Ou pa bezwen pè yo. M'ap lage yo tout nan men ou. Pa gen yonn ladan yo ki ka kenbe tèt avè ou.
And the Lord said to Joshua, Have no fear of them, for I have given them into your hands; they will all give way before you.
 καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν μὴ φοβηθῆς αὐτούς εἰς γὰρ τὰς χεῖράς σου παραδέδωκα αὐτούς οὐχ ὑπολειφθήσεται ἐξ αὐτῶν οὐθεὶς ἐνώπιον ὑμῶν
- 9 Lè Jozye kite Gilgal, li pase tout nwit lan ap mache. Li rive sou moun Amori yo san yo pa t' atann.
So Joshua, having come up from Gilgal all night, made a sudden attack on them.
 καὶ ἐπιπαργένετο ἐπ' αὐτούς ἰησοῦς ἄφνω ὄλην τὴν νύκτα εἰσεπορεύθη ἐκ γαλγαλων
- 10 Seyè a fè moun Amori yo pran kouri lè yo wè moun Izrayèl yo. Li fè pèp Izrayèl la bat yo byen bat lòt bò lavil Gabawon an. Moun Izrayèl yo kouri desann dèyè yo nan pant Bètowon an, yo bat yo jouk Azeka ak Makeda nan sid la.
And the Lord made them full of fear before Israel, and they put great numbers of them to death at Gibeon, and went after them by the way going up to Beth-horon, driving them back to Azekah and Makkedah
 καὶ ἐξέστησεν αὐτούς κύριος ἀπὸ προσώπου τῶν υἱῶν ἰσραηλ καὶ συνέτριψεν αὐτούς κύριος σύντριψιν μεγάλην ἐν γαβων καὶ κατεδίωξαν αὐτούς ὁδὸν ἀναβάσεως ὄρωνιν καὶ κατέκοπτον αὐτούς ἕως ἀζηκα καὶ ἕως μακηδα
- 11 Pandan yo t'ap kouri devan lame Izrayèl la, depi nan desann pant Bètowon an jouk yo rive Azeka, Seyè a rete nan syèl la, li voye gwo boul lagrèl sou yo pou touye yo. Lagrèl la te touye plis moun pase lame Izrayèl la avèk nepe yo.
And in their flight before Israel, on the way down from Beth-horon, the Lord sent down great stones from heaven on them all the way to Azekah, causing their death: those whose death was caused by the stones were more than those whom the children of Israel put to death with the sword.
 ἐν τῷ δὲ φεύγειν αὐτούς ἀπὸ προσώπου τῶν υἱῶν ἰσραηλ ἐπὶ τῆς καταβάσεως ὄρωνιν καὶ κύριος ἐπέρριψεν αὐτοῖς λίθους χαλάζης ἐκ τοῦ οὐρανοῦ ἕως ἀζηκα καὶ ἐγένοντο πλείους οἱ ἀποθανόντες διὰ τοὺς λίθους τῆς χαλάζης ἢ οὓς ἀπέκτειναν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ μαχαίρᾳ ἐν τῷ πολέμῳ
- 12 Jou Seyè a te lage moun Amori yo nan men moun pèp Izrayèl yo, Jozye pale ak Seyè a devan tout pèp la, li di: -Solèy! Rete klere sou lavil Gabawon! Lalin! Rete klere sou Pon Ayalon!
It was on the day when the Lord gave up the Amorites into the hands of the children of Israel that Joshua said to the Lord, before the eyes of Israel, Sun, be at rest over Gibeon; and you, O moon, in the valley of Ajijalon.
 τότε ἐλάλησεν ἰησοῦς πρὸς κύριον ἡ ἡμέρα παρέδωκεν ὁ θεὸς τὸν αμορραῖον ὑποχείριον ἰσραηλ ἡνίκα συνέτριψεν αὐτούς ἐν γαβων καὶ συνετριβήσαν ἀπὸ προσώπου υἱῶν ἰσραηλ καὶ εἶπεν ἰησοῦς στήτω ὁ ἥλιος κατὰ γαβων καὶ ἡ σελήνη κατὰ φάραγγα αἰλων
- 13 Solèy la rete kote l' te ye a, lalin lan pa fè yon pa jouk pèp Izrayèl la te fin kraze lènmi l' yo. Se sa nou jwenn ekri nan liv Moun ki mache dwat la. Solèy la rete nan mitan syèl la san li pa mache yon bon tan, longè yon jounen konsa. Se apre sa l' al kouche.
And the sun was at rest and the moon kept its place till the nation had given punishment to their attackers. (Is it not recorded in the book of Jashar?) So the sun kept its place in the middle of the heavens, and was waiting, and did not go down, for the space of a day.
 καὶ ἔστη ὁ ἥλιος καὶ ἡ σελήνη ἐν στάσει ἕως ἡμῶν αὐτῶν ὁ θεὸς τοὺς ἐχθροὺς αὐτῶν καὶ ἔστη ὁ ἥλιος κατὰ μέσον τοῦ οὐρανοῦ οὐ προεπορεύετο εἰς δυσμὰς εἰς τέλος ἡμέρας μιᾶς
- 14 Ni anvan sa, ni apre sa, pa janm gen yon jou tankou jou sa a lè Seyè a te fè sa yon moun te mande l' fè, epi li gouden pou pèp Izrayèl la.
And there was no day like that, before it or after it, when the Lord gave ear to the voice of a man; for the Lord was fighting for Israel.
 καὶ οὐκ ἐγένετο ἡμέρα τοιαύτη οὐδὲ τὸ πρότερον οὐδὲ τὸ ἔσχατον ὥστε ἐπακοῦσαι θεὸν ἀνθρώπου ὅτι κύριος συνεπολέμησεν τῷ ἰσραηλ

- 16 Men, senk wa yo te kouri chape, y' al kache nan gwòt Makeda a.
But these five kings went in flight secretly to a hole in the rock at Makkedah.
καὶ ἔφυγον οἱ πέντε βασιλεῖς οὗτοι καὶ κατεκρύβησαν εἰς τὸ σπήλαιον τὸ ἐν μακηδα
- 17 Y' al di Jozye yo jwenn senk wa yo kache nan gwòt Makeda a.
And word was given to Joshua that the five kings had been taken in a hole in the rock at Makkedah.
καὶ ἀπηγγέλη τῷ ἰησοῦ λέγοντες εὕρηται οἱ πέντε βασιλεῖς κεκρυμμένοι ἐν τῷ σπηλαίῳ τῷ ἐν μακηδα
- 18 Jozye reponn: -Woule wòch bouche bouch gwòt la. Mete moun veye yo.
And Joshua said, Let great stones be rolled against the mouth of the hole, and let men keep watch by it:
καὶ εἶπεν ἰησοῦς κυλίσατε λίθους ἐπὶ τὸ στόμα τοῦ σπηλαίου καὶ καταστήσατε ἄνδρας φυλάσσειν ἐπ' αὐτούς
- 19 Men, nou menm, souke kò nou. Kouri deyè lènmi yo. Atake yo pa deyè. Pa kite yo gen tan rive nan lavil yo! Seyè a, Bondye nou an, lage yo nan men nou.
But do you, without waiting, go after their army, attacking them from the back; do not let them get into their towns, for the Lord your God has given them into your hands.
ὁμοίως δὲ μὴ ἐστήκατε καταδιώκοντες ὀπίσω τῶν ἐχθρῶν ὑμῶν καὶ καταλάβετε τὴν οὐραγίαν αὐτῶν καὶ μὴ ἀφήτε εἰσελθεῖν εἰς τὰς πόλεις αὐτῶν παρέδωκεν γὰρ αὐτοὺς κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν εἰς τὰς χεῖρας ἡμῶν
- 20 Jozye ak sòlda pèp Izrayèl yo t'ap masakre yo: sa ki te chape yo kouri al kache nan lavil ki gen gwo ranpa yo.
Now when Joshua and the children of Israel had come to the end of their war of complete destruction, and had put to death all but a small band who had got safely into the walled towns,
καὶ ἐγένετο ὡς κατέπαυσεν ἰησοῦς καὶ πᾶς υἱὸς ἰσραὴλ κόπτοντες αὐτοὺς κοπήν μεγάλην σφόδρα ἕως εἰς τέλος καὶ οἱ διασφωζόμενοι διεσώθησαν εἰς τὰς πόλεις τὰς ὄχυράς
- 21 Lè sa a, tout lame Jozye a tounen vin jwenn li nan kan Makeda a san pwoblèm, san danje. Pesonn pa t' penmèt yo di anyen sou moun pèp Izrayèl yo.
All the people went back to Joshua to the tent-circle at Makkedah in peace: and no one said a word against the children of Israel.
καὶ ἀπεστράφη πᾶς ὁ λαὸς πρὸς ἰησοῦν εἰς μακηδα ὕγιεις καὶ οὐκ ἔγρυσεν οὐθεὶς τῶν υἱῶν ἰσραὴλ τῇ γλώσσει αὐτοῦ
- 22 Lè sa a, Jozye di: -Degaje bouch gwòt la. Mennen senk wa yo deyò vin jwenn mwen.
Then Joshua said, Take away the stones from the mouth of the hole in the rock, and make those five kings come out to me.
καὶ εἶπεν ἰησοῦς ἀνοίξατε τὸ σπήλαιον καὶ ἐξαγάγετε τοὺς πέντε βασιλεῖς τούτους ἐκ τοῦ σπηλαίου
- 23 Yo degaje bouch gwòt la, yo mennen senk wa yo deyò vin jwenn li. Se te wa lavil Jerizalèm lan, wa lavil Ebwon an, wa lavil Jarmout la, wa lavil Lakis la ak wa lavil Eglon an.
And they did so, and made those five kings come out of the hole to him, the king of Jerusalem, the king of Hebron, the king of Jarmuth, the king of Lachish, and the king of Eglon.
καὶ ἐξηγάγασαν τοὺς πέντε βασιλεῖς ἐκ τοῦ σπηλαίου τὸν βασιλεῖα ἱερουσαλὴμ καὶ τὸν βασιλεῖα γεβρων καὶ τὸν βασιλεῖα ἱερμουθ καὶ τὸν βασιλεῖα λαχίς καὶ τὸν βασιλεῖα οδολλάμ
- 24 Lè yo mennen wa yo ba li, Jozye rele tout gason nan pèp Izrayèl la, epi li di chèf ki te avè l' yo: -Vini non! Mete pye nou sou kou wa sa yo! Yo pwoche vre, yo mete pye yo sou kou wa yo.
And when they had made those kings come out to Joshua, Joshua sent for all the men of Israel, and said to the chiefs of the men of war who had gone with him, Come near and put your feet on the necks of these kings. So they came near and put their feet on their necks.
καὶ ἐπει ἐξήγαγον αὐτοὺς πρὸς ἰησοῦν καὶ συνεκάλεσεν ἰησοῦς πάντα ἰσραὴλ καὶ τοὺς ἐναρχομένους τοῦ πολέμου τοὺς συμπορευομένους αὐτῷ λέγων αὐτοῖς προπορεύεσθε καὶ ἐπίθετε τοὺς πόδας ὑμῶν ἐπὶ τοὺς τραχήλους αὐτῶν καὶ προσελθόντες ἐπέθηκαν τοὺς πόδας αὐτῶν ἐπὶ τοὺς τραχήλους αὐτῶν
- 25 Epi Jozye di yo: -Nou pa bezwen tranble! Nou pa bezwen pè! Mete gason sou nou! Pa janm dekouraje paske Seyè a pral fè nou mete pye nou sou kou tout lènmi n'a jwenn sou wout nou!
And Joshua said to them, Have no fear and do not be troubled; be strong and take heart: for so will the Lord do to all against whom you make war.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς ἰησοῦς μὴ φοβηθῆτε αὐτοὺς μηδὲ δειλιάσητε ἀνδρίζεσθε καὶ ἰσχύετε ὅτι οὕτως ποιήσει κύριος πᾶσι τοῖς ἐχθροῖς ὑμῶν οὓς ὑμεῖς καταπολεμεῖτε αὐτοὺς
- 26 Apre sa, Jozye touye wa yo epi li fè pann kadav yo sou senk pyebwa kote yo rete pandye jouk aswè.
Then Joshua had them put to death, hanging them on five trees, where they were till evening.
καὶ ἀπέκτεινεν αὐτοὺς ἰησοῦς καὶ ἐκρέμασεν αὐτοὺς ἐπὶ πέντε ξύλων καὶ ἦσαν κρεμάμενοι ἐπὶ τῶν ξύλων ἕως ἑσπέρας
- 27 Lè solèy fin kouche, Jozye bay lòd pou yo desann kadav yo, epi pou yo voye yo jete nan gwòt kote yo te kache a. Apre sa, yo pran gwo wòch yo bouche bouch gwòt la. Wòch yo la jouk jòdi a.
And when the sun went down, they were taken down from the trees, by Joshua's orders, and put into the hole where they had gone to be safe; and great stones were placed at the mouth of the hole, where they are to this day.
καὶ ἐγενήθη πρὸς ἡλίου δυσμᾶς ἐνετείλατο ἰησοῦς καὶ καθείλον αὐτοὺς ἀπὸ τῶν ξύλων καὶ ἔρριψαν αὐτοὺς εἰς τὸ σπήλαιον εἰς ὃ κατεφύγασαν ἐκεῖ καὶ ἐπεκύλισαν λίθους ἐπὶ τὸ σπήλαιον ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας

- 28 ¶ Menm jou sa a, Jozye atake lavil Makeda, epi li pran l'. Li touye wa a. Lèfini, li fè touye tout moun ak tout bèt ki te nan lavil la tankou yon ofrann pou Seyè a, san li pa kite anyen chape. Li fè wa Makeda a menm sa li te fè wa Jeriko a.
That day Joshua took Makkedah, and put it and its king to the sword; every soul in it he gave up to the curse without mercy; and he did to the king of Makkedah as he had done to the king of Jericho.
 και την μακηδα ἔλαβον ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ ἐφόνευσαν αὐτὴν ἐν στόματι ξίφους καὶ ἐξωλέθρευσαν πᾶν ἔμπνέον ἐν αὐτῇ καὶ οὐ κατελείφθη ἐν αὐτῇ οὐδὲ εἷς διασσωσμένος καὶ διαπεφευγός καὶ ἐποίησαν τῷ βασιλεῖ μακηδα ὃν τρόπον ἐποίησαν τῷ βασιλεῖ ιεριχω
- 29 Apre sa, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la kite Makeda, y' al atake lavil Libna.
Then Joshua and all Israel with him went on from Makkedah and came to Libnah, and made an attack on it;
 και ἀπῆλθεν ἰησοῦς καὶ πᾶς ἰσραηλ μετ' αὐτοῦ ἐκ μακηδα εἰς λεβνα καὶ ἐπολιόρκει λεβνα
- 30 Seyè a lage lavil la ansanm ak tout wa a nan men moun pèp Izrayèl yo. Yo touye dènye moun ak dènye bèt ki te nan lavil la san yo pa kite anyen chape. Li fè wa a menm sa li fè wa Jeriko a.
And again the Lord gave it and its king into the hands of Israel; and he put it and every person in it to the sword, till their destruction was complete; and he did to its king as he had done to the king of Jericho.
 και παρέδωκεν αὐτὴν κύριος εἰς χεῖρας ἰσραηλ καὶ ἔλαβον αὐτὴν καὶ τὸν βασιλέα αὐτῆς καὶ ἐφόνευσαν αὐτὴν ἐν στόματι ξίφους καὶ πᾶν ἔμπνέον ἐν αὐτῇ καὶ οὐ κατελείφθη ἐν αὐτῇ οὐδὲ εἷς διασσωσμένος καὶ διαπεφευγός καὶ ἐποίησαν τῷ βασιλεῖ αὐτῆς ὃν τρόπον ἐποίησαν τῷ βασιλεῖ ιεριχω
- 31 Apre sa, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la kite Libna, y' al atake Lakis. Yo sènen lavil la nèt.
Then Joshua and all Israel with him went on from Libnah to Lachish, and took up their position against it and made an attack on it,
 και ἀπῆλθεν ἰησοῦς καὶ πᾶς ἰσραηλ μετ' αὐτοῦ ἐκ λεβνα εἰς λαχισ καὶ περιεκάθισεν αὐτὴν καὶ ἐπολιόρκει αὐτήν
- 32 Seyè a lage lavil Lakis nan men moun pèp Izrayèl yo. Sou dezyèm jou a, yo pran lavil la. Li fè yo touye dènye moun ak dènye bèt ki te nan lavil la, menm jan yo te fè l' nan lavil Libna a, san li pa kite yonn chape.
And the Lord gave Lachish into the hands of Israel, and on the second day he took it, putting it and every person in it to the sword without mercy, as he had done to Libnah.
 και παρέδωκεν κύριος τὴν λαχισ εἰς τὰς χεῖρας ἰσραηλ καὶ ἔλαβεν αὐτὴν ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ δευτέρᾳ καὶ ἐφόνευσαν αὐτὴν ἐν στόματι ξίφους καὶ ἐξωλέθρευσαν αὐτὴν ὃν τρόπον ἐποίησαν τὴν λεβνα
- 33 Lè sa a Oram, wa peyi Gezè a, moute vin pote moun Lakis yo sekou. Men, Jozye bat li byen bat ansanm ak tout moun pa l' yo. Li fè touye yo tout san li pa kite yonn chape.
Then Horam, king of Gezer, came up to the help of Lachish; and Joshua overcame him and his people, putting all of them to death.
 τότε ἀνέβη αἰλαμ βασιλεὺς γαζερ βοηθήσων τῇ λαχισ καὶ ἐπάταξεν αὐτὸν ἰησοῦς ἐν στόματι ξίφους καὶ τὸν λαὸν αὐτοῦ ἕως τοῦ μὴ καταλειφθῆναι αὐτῶν σεσωσμένον καὶ διαπεφευγότα
- 34 Apre sa, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la kite lavil Lakis, y' al atake lavil Eglon. Yo sènen l' nèt.
And Joshua and all Israel with him went on from Lachish to Eglon: and they took up their position against it and made an attack on it;
 και ἀπῆλθεν ἰησοῦς καὶ πᾶς ἰσραηλ μετ' αὐτοῦ ἐκ λαχισ εἰς οδολλαμ καὶ περιεκάθισεν αὐτὴν καὶ ἐπολιόρκεισεν αὐτήν
- 35 Menm jou a, yo pran lavil la, yo touye tout moun ladan l'. Wi, jou sa a, tankou yon ofrann y'ap fè pou Seyè a, yo touye dènye moun ak dènye bèt ki t'ap viv la, menm jan yo te fè l' nan lavil Lakis la.
And that day they took it, putting it and every person in it to the sword, as he had done to Lachish.
 και παρέδωκεν αὐτὴν κύριος ἐν χειρὶ ἰσραηλ καὶ ἔλαβεν αὐτὴν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ ἐφόνευσαν αὐτὴν ἐν στόματι ξίφους καὶ πᾶν ἔμπνέον ἐν αὐτῇ ἐφόνευσαν ὃν τρόπον ἐποίησαν τῇ λαχισ
- 36 Apre sa, Jozye ansanm ak lame Izrayèl la kite lavil Eglon, yo moute al atake Ebwon.
And Joshua and all Israel with him went up from Eglon to Hebron, and made an attack on it;
 και ἀπῆλθεν ἰησοῦς καὶ πᾶς ἰσραηλ μετ' αὐτοῦ εἰς χεβρων καὶ περιεκάθισεν αὐτήν
- 37 Yo pran lavil la, yo touye dènye moun ak dènye bèt ki te rete la ansanm ak tou sa ki te rete nan ti bouk nan zòn lan. Li pa kite yon moun chape, menm jan li te fè l' lavil Eglon an. Li fè touye dènye moun ak dènye bèt tankou yon ofrann pou Seyè a.
And took it, overcoming it and putting it and its king and its towns and every person in it to the sword: as he had done to Eglon, he put them all to death, and gave it up to the curse with every person in it.
 και ἐπάταξεν αὐτὴν ἐν στόματι ξίφους καὶ πᾶν ἔμπνέον ὅσα ἦν ἐν αὐτῇ οὐκ ἦν διασσωσμένος ὃν τρόπον ἐποίησαν τὴν οδολλαμ ἐξωλέθρευσαν αὐτὴν καὶ ὅσα ἦν ἐν αὐτῇ
- 38 Apre sa ankò, Jozye ansanm ak tout lame Izrayèl la vire sou lavil Debi, y' al atake l'.
And Joshua and all Israel with him went on to make an attack on Debir;
 και ἀπέστρεψεν ἰησοῦς καὶ πᾶς ἰσραηλ εἰς δαβιρ καὶ περικαθίσαντες αὐτήν

- 39 Yo pran lavil la ansanm ak wa a ak tout lòt ti bouk nan zòn lan. Jozye fè touye tout moun ak tout bèt tankou yon ofrann pou Seyè a. Li pa kite yonn chape. Menm sa li te fè moun lavil Ebwon yo, menm sa li te fè moun lavil Libna yo ak wa yo a, se sa Jozye fè lavil Debi ak wa li a tou.
And he took it, with its king and all its towns: and he put them to the sword, giving every person in it to the curse; all were put to death: as he had done to Hebron, so he did to Debir and its king.
 ἔλαβον αὐτήν καὶ τὸν βασιλέα αὐτῆς καὶ τὰς κόμας αὐτῆς καὶ ἐπάταξαν αὐτήν ἐν στόματι ξίφους καὶ ἐξωλέθρυσαν αὐτήν καὶ πᾶν ἔμπνέον ἐν αὐτῇ καὶ οὐ κατέλιπον αὐτῇ οὐδένα διασεσφωμένον ὄν τ ῥόπον ἐποίησαν τὴν χεβρων καὶ τῷ βασιλεῖ αὐτῆς οὕτως ἐποίησαν τῇ δαβιρ καὶ τῷ βασιλεῖ αὐτῆς
- 40 Se konsa Jozye te fè tout peyi a soumèt devan li. Li te kraze tout wa yo, kit sa ki t'ap gouvènen nan mòn yo ak nan Negèn la, kit sa ki t'ap gouvènen nan plenn yo ak sou ti mòn yo. Li pa kite yon moun chape. Li touye dènye moun, dènye bèt tankou yon ofrann pou Seyè a, jan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te ba li lòd fè a.
So Joshua overcame all the land, the hill-country and the South and the lowland and the mountain slopes, and all their kings; all were put to death: and every living thing he gave up to the curse, as the Lord, the God of Israel, had given him orders.
 καὶ ἐπάταξεν ἰησοῦς πᾶσαν τὴν γῆν τῆς ὄρεινῆς καὶ τὴν ναγεβ καὶ τὴν πεδινὴν καὶ τὴν ασηδωθ καὶ τοὺς βασιλεῖς αὐτῆς οὐ κατέλιπον αὐτῶν σεσφωμένον καὶ πᾶν ἔμπνέον ζωῆς ἐξωλέθρυσεν ὄν τρόπο ν ἐνετείλατο κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ
- 41 Jozye bat yo depi Kadès-Banea sou bò sid rivyè Gaza, bò rivaj la, nan tout zòn Gochenn lan jouk Gabawon sou bò nò.
Joshua overcame them from Kadesh-barnea to Gaza, and all the land of Goshen as far as Gibeon.
 ἀπὸ καθῆς βαρνη ἕως γάζης πᾶσαν τὴν γοσομ ἕως τῆς γαβαων
- 42 Jozye te pran tout wa sa yo ak tout peyi yo nan yon sèl soté, paske Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, t'ap goumen pou pèp la.
And all these kings and their land Joshua took at the same time, because the Lord, the God of Israel, was fighting for Israel.
 καὶ πάντας τοὺς βασιλεῖς αὐτῶν καὶ τὴν γῆν αὐτῶν ἐπάταξεν ἰησοῦς εἰς ἅπαξ ὅτι κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ συνεπολέμει τῷ ἰσραηλ
- 1 ¶ Nouvèl tout bagay sa yo rive nan zòrèy Jaben, wa Azò a. Li menm, li voye nouvèl la bay Yobad, wa lavil Madon, bay wa Chimwon ak wa Akchaf,
Now Jabin, king of Hazor, hearing of these things, sent to Jobab, king of Madon, and to the king of Shimron, and to the king of Achshaph,
 ὥς δὲ ἤκουσεν ἰαβιν βασιλεὺς ασωρ ἀπέστειλεν πρὸς ἰωβαβ βασιλέα μαρρων καὶ πρὸς βασιλέα συμοων καὶ πρὸς βασιλέα αζιφ
- 2 bay tout wa ki rete bò nò a, nan mòn yo, nan fon ki anba Chinawòt, nan plenn yo ak nan koulin Dò yo bò solèy kouche.
And to the kings on the north in the hill-country, and in the Arabah south of Chinneroth, and in the lowland, and in the highlands of Dor on the west,
 καὶ πρὸς τοὺς βασιλεῖς τοὺς κατὰ σιδῶνα τὴν μεγάλην εἰς τὴν ὄρεινὴν καὶ εἰς τὴν ραβα ἀπέναντι κενερωθ καὶ εἰς τὸ πεδῖον καὶ εἰς ναφεδδωρ
- 3 Li voye nouvèl la bay moun Kanaran yo ki rete sou de bò larivyè Jouden an, bay moun Amori yo, bay moun Evi yo, bay moun Ferezi yo, bay moun Jebis yo nan tout mòn yo, bay moun Evi yo ki rete nan pye mòn Emon nan peyi Mispa.
And to the Canaanites on the east and on the west, and to the Amorites and the Hittites and the Perizzites, and the Jebusites in the hill-country, and the Hivites under Hermon in the land of Mizpah.
 καὶ εἰς τοὺς παραλίους χαναναίους ἀπὸ ἀνατολῶν καὶ εἰς τοὺς παραλίους αμορραῖους καὶ εὐαίους καὶ ἰεβουσαίους καὶ φερεζαίους τοὺς ἐν τῷ ὄρει καὶ τοὺς χετταίους τοὺς ὑπὸ τὴν αερμων εἰς γῆν μασ σηφα
- 4 Tout wa yo vini avèk tout sòlda yo. Sa te fè yon gwo lame sòlda pesonn pa t' ka konte, ou ta di grenn sab bò lanmè, avèk yon kantite chwal ak cha lagè.
And they went out, they and all their armies with them, a great people, in number like the sand on the seaside, with horses and war-carriages in great number.
 καὶ ἐξῆλθον αὐτοὶ καὶ οἱ βασιλεῖς αὐτῶν μετ' αὐτῶν ὥσπερ ἡ ἄμμος τῆς θαλάσσης τῷ πλήθει καὶ ἵπποι καὶ ἄρματα πολλὰ σφόδρα
- 5 Wa yo pran randevou, yo mete tout sòlda yo ansanm. Yo rive, yo moute kan yo yonn sou kote lòt, toupre dlo Mewòm yo, pou yo atake pèp Izrayèl la.
And all these kings came together, and put their forces in position at the waters of Merom, to make war on Israel.
 καὶ συνῆλθον πάντες οἱ βασιλεῖς οὗτοι καὶ παρεγένοντο ἐπὶ τὸ αὐτὸ καὶ παρενέβαλον ἐπὶ τοῦ ὕδατος μαρρων πολεμήσαι τὸν ἰσραηλ
- 6 Seyè a di Jozye konsa: -Ou pa bezwen pè moun sa yo! Denmen, lè konsa, m'ap fè nou wè tout tonbe mouri la devan je nou. Nou menm, nou pral koupe jarèt tout chwal yo, epi n'ap boule cha yo.
And the Lord said to Joshua, Have no fear of them: for tomorrow at this time I will give them all up dead before Israel; you are to have the leg-muscles of their horses cut and their war-carriages burned with fire.
 καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν μὴ φοβηθῆς ἀπὸ προσώπου αὐτῶν ὅτι αὔριον ταύτην τὴν ὥραν ἐγὼ παραδίδωμι τετροπωμένους αὐτοὺς ἐναντίον τοῦ ἰσραηλ τοὺς ἵππους αὐτῶν νευροκοπήσεις καὶ τὰ ἄ ρματα αὐτῶν κατακάψεις ἐν πυρὶ
- 7 Se konsa, Jozye rive bò dlo Mewòm lan ak tout sòlda li yo, li tonbe sou lènmi yo san yo pa t' atann, li atake yo.
So Joshua and all the men of war with him came against them suddenly at the waters of Merom, and made an attack on them.
 καὶ ἦλθεν ἰησοῦς καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ πολεμιστῆς ἐπ' αὐτοὺς ἐπὶ τὸ ὕδωρ μαρρων ἐξάπινα καὶ ἐπέπεσαν ἐπ' αὐτοὺς ἐν τῇ ὄρεινῃ

- 8 Seyè a lage yo nan men pèp Izrayèl la: sòlda pèp Izrayèl yo bat yo byen bat. Yo kouri dèyè yo jouk Gwo Sidon ak Misrefòt sou bò nò, jouk Fon Mispa sou bò solèy leve. Yo bat yo nèt, yo pa kite yonn ladan yo chape.
And the Lord gave them up into the hands of Israel, and they overcame them driving them back to great Zidon and to Misrephoth-maim and into the valley of Mizpeh to the east; and they put them all to death, no man got away safely.
καὶ παρέδωκεν αὐτοὺς κύριος ὑποχειρίους ἰσραὴλ καὶ κόπτοντες αὐτοὺς κατεδίωκον ἕως σιδῶνος τῆς μεγάλης καὶ ἕως μασερον καὶ ἕως τῶν πεδίων μασσοῦ κατ' ἀνατολᾶς καὶ κατέκοψαν αὐτοὺς ἕως τοῦ μὴ καταλειφθῆναι αὐτῶν διασσεφσμένον
- 9 Jozye fè yo tou sa Seyè a te ba li lòd fè a: li koupe jarèt chwal yo, li boule tout cha lagè yo.
And Joshua did to them as the Lord had said to him; he had the leg-muscles of their horses cut and their war-carriages burned with fire.
καὶ ἐποίησεν αὐτοῖς ἰησοῦς ὃν τρόπον ἐνετείλατο αὐτῷ κύριος τοὺς ἵππους αὐτῶν ἐνευροκόπησεν καὶ τὰ ἄρματα αὐτῶν ἐνέπηρσεν ἐν πυρὶ
- 10 ¶ Apre sa, Jozye tounen sou dèyè, li pran lavil Azò, epi li touye wa li a. Lè sa a, Azò te pi gwo lavil nan tout peyi wa yo.
At that time, Joshua went on to take Hazor and put its king to the sword: for in earlier times Hazor was the chief of all those kingdoms.
καὶ ἀπεστράφη ἰησοῦς ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ καὶ κατελάβετο ασωρ καὶ τὸν βασιλέα αὐτῆς ἣν δὲ ασωρ τὸ πρότερον ἄρχουσα πασῶν τῶν βασιλειῶν τούτων
- 11 Li fè touye dènne moun ak dènne bèt vivan ki te la tankou yon ofrann y'ap fè pou Seyè a. Yo pa kite yonn ladan yo chape. Lèfini, yo mete dife nan lavil la.
And they put every person in it to death without mercy, giving every living thing up to the curse, and burning Hazor.
καὶ ἀπέκτειναν πᾶν ἔμπνέον ἐν αὐτῇ ἐν ζίφει καὶ ἐξωλέθρευσαν πάντας καὶ οὐ κατελείφθη ἐν αὐτῇ ἔμπνέον καὶ τὴν ασωρ ἐνέπηρσαν ἐν πυρὶ
- 12 Jozye pran tout lavil yo ansanm ak wa yo. Epi li fè touye tout wa yo, dapre prensip ki vle pou yo touye yo tankou yon ofrann pou Seyè a, jan Moyiz, sèvitè Seyè a, te kite lòd pou yo fè l' la.
And all the towns of these kings, and all the kings, Joshua took, and put them to the sword: he gave them up to the curse, as Moses, the servant of the Lord, had said.
καὶ πάσας τὰς πόλεις τῶν βασιλείων καὶ τοὺς βασιλεῖς αὐτῶν ἔλαβεν ἰησοῦς καὶ ἀνείλεν αὐτοὺς ἐν στόματι ζίφους καὶ ἐξωλέθρευσαν αὐτοὺς ὃν τρόπον συνέταξεν μοῦσῆς ὁ παῖς κυρίου
- 13 Men, moun Izrayèl yo pa t' boule ankenn lavil nan lavil ki te bati sou ti mòn yo, an wetan lavil Azò Jozye te fè boule.
As for the towns made on hills of earth, not one was burned by Israel but Hazor, which was burned by Joshua.
ἀλλὰ πάσας τὰς πόλεις τὰς κεχωματισμένας οὐκ ἐνέπηρσεν ἰσραὴλ πλὴν ασωρ μόνην ἐνέπηρσεν ἰησοῦς
- 14 Moun pèp Izrayèl yo pran tout bagay ak tout bèt yo te jwenn nan lavil yo. Men, yo touye tout moun, yo pa kite yonn chape.
And all the goods taken from these towns, and their cattle, the children of Israel kept for themselves; but every man they put to death without mercy, till their destruction was complete, and there was no one living.
καὶ πάντα τὰ σκῦλα αὐτῆς ἐπρονόμειυσαν ἑαυτοῖς οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ αὐτοὺς δὲ πάντας ἐξωλέθρευσαν ἐν στόματι ζίφους ἕως ἀπόλεσαν αὐτοὺς οὐ κατέλιπον ἐξ αὐτῶν οὐδὲ ἐν ἔμπνέον
- 15 ¶ Seyè a te bay Moyiz, sèvitè li a, lòd li yo. Moyiz menm te bay Jozye menm lòd yo tou. Se konsa Jozye te fè tou sa Seyè a te bay Moyiz lòd fè, san manke anyen.
As the Lord had given orders to Moses his servant, so Moses gave orders to Joshua, and so Joshua did; every order which the Lord had given to Moses was done.
ὃν τρόπον συνέταξεν κύριος τῷ μοῦσῃ τῷ παιδὶ αὐτοῦ καὶ μοῦσῆς ὡσαύτως ἐνετείλατο τῷ ἰησοῖ καὶ οὕτως ἐποίησεν ἰησοῦς οὐ παρέβη οὐδὲν ἀπὸ πάντων ὧν συνέταξεν αὐτῷ μοῦσῆς
- 16 Jozye ak pèp Izrayèl la te pran tout peyi a nan men moun yo, ki vle di: mòn yo, tout Negèv la, tout peyi Gochenn lan, plenn yo, Fon Jouden an, tout mòn ak tout ti bit peyi Izrayèl yo,
So Joshua took all that land, the hill-country and all the South, and all the land of Goshen, and the lowland and the Arabah, the hill-country of Israel and its lowland;
καὶ ἔλαβεν ἰησοῦς πᾶσαν τὴν γῆν τὴν ὄρεινὴν καὶ πᾶσαν τὴν ναγεβ καὶ πᾶσαν τὴν γῆν γοσομ καὶ τὴν πεδινὴν καὶ τὴν πρὸς δυσμαῖς καὶ τὸ ὄρος ἰσραὴλ καὶ τὰ ταπεινά
- 17 depi Mòn Alak ki toupre peyi Seyi a, jouk Baal-Gad ki nan fon Liban an nan pye mòn Emon an. Li mete men sou tout wa yo, li bat yo, li touye yo.
From Mount Halak, which goes up to Seir, as far as Baal-gad in the valley of Lebanon under Mount Hermon: and all their kings he overcame and put to death.
τὰ πρὸς τῷ ὄρει ἀπὸ ὄρους αχελ. καὶ ὃ προσαναβαίνει εἰς σηρ καὶ ἕως βααλγαδ καὶ τὰ πεδία τοῦ λιβάνου ὑπὸ τὸ ὄρος τὸ αερμων καὶ πάντας τοὺς βασιλεῖς αὐτῶν ἔλαβεν καὶ ἀνείλεν αὐτοὺς καὶ ἀπέκτετε ἱνεν
- 18 Jozye te pase yon bon tan ap fè lagè ak wa sa yo.
For a long time Joshua made war on all those kings.
καὶ πλείους ἡμέρας ἐποίησεν ἰησοῦς πρὸς τοὺς βασιλεῖς τούτους τὸν πόλεμον
- 19 An wetan lavil Gabawon kote moun Evi yo te rete a, pa t' gen ankenn lavil ki te vle fè lapè ak moun pèp Izrayèl yo,
Not one town made peace with the children of Israel, but only the Hivites of Gibeon: they took them all in war.
καὶ οὐκ ἦν πόλις ἣν οὐκ ἔλαβεν ἰσραὴλ πάντα ἐλάβοσαν ἐν πολέμῳ

- 20 paske Seyè a te fè tout moun sa yo soti pou goumen ak pèp Izrayèl la. Se pou pèp Izrayèl la te touye tout tankou ofrann pou Seyè a, san pitye pou yo yonn menm, pou yo tout te ka disparèt, jan Seyè a te bay Moyiz lòd la.
For the Lord made them strong in heart to go to war against Israel, so that he might give them up to the curse without mercy, and that destruction might come on them, as the Lord had given orders to Moses.
 ὅτι διὰ κυρίου ἐγένετο κατισχυῖσαι αὐτῶν τὴν καρδίαν συναντᾶν εἰς πόλεμον πρὸς ἰσραὴλ ἵνα ἐξολεθρευθῶσιν ὅπως μὴ δοθῆ αὐτοῖς ἔλεος ἀλλ' ἵνα ἐξολεθρευθῶσιν ὃν τρόπον εἶπεν κύριος πρὸς μουσῆν
- 21 Lè sa a, Jozye leve, l' ale, li touye tout moun Anak yo ki te rete nan mòn yo, nan lavil Ebwon, lavil Debi, lavil Anab, nan tout mòn peyi Jida ak tout mòn peyi Izrayèl yo. Li fè touye yo tout. Apre sa, li detwi tout lavil yo tankou ofrann pou Seyè a.
And Joshua came at that time and put an end to the Anakim in the hill-country, in Hebron, in Debir, in Anab, and in all the hill-country of Judah and Israel: Joshua gave them and their towns to the curse.
 καὶ ἦλθεν ἰησοῦς ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ καὶ ἐξωλέθρευσεν τοὺς ενακιμ ἐκ τῆς ὄρεινῆς ἐκ χεβρων καὶ ἐκ δαβιρ καὶ ἐξ αναβωθ καὶ ἐκ παντὸς γένους ἰσραὴλ καὶ ἐκ παντὸς ὄρους ἰουδα σὺν ταῖς πόλεσιν αὐτῶν καὶ ἐξωλέθρευσεν αὐτοὺς ἰησοῦς
- 22 Pa t' gen yon moun Anak ankò nan peyi Izrayèl la, eseptè lavil Gaza, lavil Gat ak lavil Asdòd.
Not one of the Anakim was to be seen in the land of the children of Israel: only in Gaza, in Gath, and in Ashdod, some were still living.
 οὐ κατελείφθη τῶν ενακιμ ἀπὸ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ ἀλλὰ πλὴν ἐν γάζῃ καὶ ἐν γεθ καὶ ἐν ασεδωθ κατελείφθη
- 23 Jozye te pran tout peyi a, jan Seyè a te di Moyiz la, epi li bay pèp Izrayèl la li pou li rele l' pa l'. Li separe l', li bay chak branch fanmi pòsyon pa yo. Apre tout batay sa yo, peyi a t'ap viv nan lapè, pa t' gen goumen ankò.
So Joshua took all the land, as the Lord had said to Moses; and Joshua gave it to the children of Israel as their heritage, making division of it among them by their tribes. And the land had rest from war.
 καὶ ἔλαβεν ἰησοῦς πᾶσαν τὴν γῆν καθότι ἐνετείλατο κύριος τῷ μουσῆ καὶ ἔδωκεν αὐτοὺς ἰησοῦς ἐν κληρονομίᾳ ἰσραὴλ ἐν μερισμῷ κατὰ φυλάς αὐτῶν καὶ ἡ γῆ κατέπαυσεν πολεμουμένη
- 1 ¶ Moun pèp Izrayèl yo te bat tout wa ki te rete lòt bò larivyè Jouden yo, sou bò solèy leve. Epi yo pran tout peyi wa sa yo nan men yo, ki vle di tout zòn lan nèt, depi ravin Anon an, moute nan fon Jouden an, jouk nan pye mòn Emon.
Now these are the kings of the land whom the children of Israel overcame, taking as their heritage their land on the east side of Jordan, from the valley of the Arnon to Mount Hermon, and all the Arabah to the east:
 καὶ οὗτοι οἱ βασιλεῖς τῆς γῆς οὓς ἀνέλιον οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ καὶ κατεκληρονόμησαν τὴν γῆν αὐτῶν πέραν τοῦ ἰορδάνου ἀφ' ἡλίου ἀνατολῶν ἀπὸ φάραγγος ἀρνων ἕως τοῦ ὄρους αερμων καὶ πᾶσαν τὴν γῆν ἀραβα ἀπ' ἀνατολῶν
- 2 Men wa yo te kraze yo: Se te Siyon, wa moun Amori yo, ki te rete lavil Esbon. Peyi li t'ap gouvènen an te pran depi nan fon ravin Anon an moute Awoyè ki sou bò ravin lan, rive larivyè Jabòk sou fwontyè moun Amon yo, ki vle di mwatye nan peyi Galarad la.
Sihon, king of the Amorites, who was living in Heshbon, ruling from Aroer, which is on the edge of the valley of the Arnon, and the town in the middle of the valley, and half Gilead, as far as the river Jabbok, the limits of the children of Ammon;
 σηων τὸν βασιλέα τῶν αμορραίων ὃς κατοῦκει ἐν εσεβον κυριεύων ἀπὸ αροηρ ἣ ἐστὶν ἐν τῇ φάραγγι κατὰ μέρος τῆς φάραγγος καὶ τὸ ἥμισυ τῆς γαλααδ ἕως ἰαβοκ ὄρια υἱῶν αμμων
- 3 Li te gouvènen zòn ki sou bò lès fon Jouden an tou, depi letan Kinerèt la desann sou lanmè Mouri a, nan direksyon Bèt-Jechimòt jouk nan pye mòn Pisga a.
And the Arabah to the sea of Chinneroth, to the east, and to the sea of the Arabah, that is the Salt Sea, to the east, the way to Beth-jeshimoth; and on the south, under the slopes of Pisgah:
 καὶ ἀραβα ἕως τῆς θαλάσσης χενερεθ κατ' ἀνατολὰς καὶ ἕως τῆς θαλάσσης ἀραβα θάλασσαν τῶν ἁλῶν ἀπὸ ἀνατολῶν ὁδὸν τὴν κατὰ ἀσιμωθ ἀπὸ θαιμαν τὴν ὑπὸ ἀσηδωθ φασγα
- 4 Yo te kraze Og, wa peyi Bazan an tou. Se te yonn nan dènye refayim yo. Li te rete lavil Astawòt ak lavil Edreyi.
And the land of Og, king of Bashan, of the rest of the Rephaim, who was living at Ashtaroth and at Edrei,
 καὶ ὠγ βασιλεὺς βασαν ὑπελείφθη ἐκ τῶν γιγάντων ὁ κατοικῶν ἐν ἀσταρωθ καὶ ἐν εδραῖν
- 5 Peyi li t'ap gouvènen an konmansè depi nan mòn Emon ak mòn Salka, li pran tout peyi Bazan an nèt rive sou fwontyè peyi moun Jechou yo ak moun Maaka yo, plis lòt mwatye peyi Galarad la rive sou fwontyè peyi wa Siyon an ki te rete lavil Esbon.
Ruling in the mountain of Hermon, and in Salecah, and in all Bashan, as far as the limits of the Geshurites and the Maacathites, and half Gilead, to the land of Sihon, king of Heshbon.
 ἄρχων ἀπὸ ὄρους αερμων καὶ ἀπὸ σελχα καὶ πᾶσαν τὴν βασαν ἕως ὀρίων γεσουρι καὶ τὴν μαχατι καὶ τὸ ἥμισυ γαλααδ ὀρίων σηων βασιλέως εσεβον
- 6 Se Moyiz, sèvitè Seyè a, ansanm ak pèp Izrayèl la ki te kraze wa sa yo. Apre sa, Moyiz, sèvitè Seyè a, te pran tout peyi sa yo li bay moun branch fanmi Woubenn lan, moun branch fanmi Gad la ak mwatye nan moun branch fanmi Manase a.
Moses, the servant of the Lord, and the children of Israel overcame them; and Moses, the servant of the Lord, gave their land for a heritage to the Reubenites, and the Gadites, and the half-tribe of Manasseh.
 μουσῆς ὁ παῖς κυρίου καὶ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐπάταξαν αὐτούς καὶ ἔδωκεν αὐτὴν μουσῆς ἐν κληρονομίᾳ ρουβην καὶ γαδ καὶ τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση

- 7 ¶ Jozye ansanm ak pèp Izrayèl la te bat tout wa ki te rete nan zòn lòt bò larivyè Jouden an, sou bò solèy kouche, depi lavil Baal-Gad nan fon Liban an jouk mòn Chòn la nan direksyon Seyi. Se tè wa sa yo Jozye te pran, li separe yo bay moun pèp Izrayèl yo pou byen pa yo.
And these are the kings of the land whom Joshua and the children of Israel overcame on the west side of Jordan, from Baal-gad in the valley of Lebanon to Mount Halak, which goes up to Seir; and Joshua gave the land to the tribes of Israel for a heritage, in keeping with their divisions;
 και οὗτοι οἱ βασιλεῖς τῶν αμορραίων οὓς ἀνείλεν ἰησοῦς και οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου παρὰ θάλασσαν βααλγαδ ἐν τῷ πεδίῳ τοῦ λιβάνου και ἕως τοῦ ὄρους χελχα ἀναβαινόντων εἰς σηρ καὶ ἔδωκεν αὐτὴν ἰησοῦς ταῖς φυλαῖς ἰσραηλ κληρονομεῖν κατὰ κλῆρον αὐτῶν
- 8 Tè sa yo te pran tout mòn yo, tout plenn yo, fon Jouden an, tout pye mòn yo, dezè a ak zòn Negèn la. Se sou tè sa yo moun Et yo, moun Amori yo, moun Kanaran yo, moun Ferezi yo, moun Evi yo ak moun Jebis yo te rete.
In the hill-country, and in the lowland, and in the Arabah, and on the mountain slopes, and in the waste land, and in the South; the Hittites, the Amorites, and the Canaanites, the Perizzites, the Hivites, and the Jebusites.
 ἐν τῷ ὄρει και ἐν τῷ πεδίῳ και ἐν αραβα και ἐν ασηδωθ και ἐν τῇ ἐρήμῳ και ἐν ναγεβ τὸν χετταῖον και τὸν αμορραῖον και τὸν χαναναῖον και τὸν φερεζαῖον και τὸν εβαῖον και τὸν ἰεβουσαῖον
- 9 Men wa yo te kraze yo: wa lavil Jeriko, wa lavil Ayi, toupren Betèl,
The king of Jericho, one; the king of Ai, which is near Beth-el, one;
 τὸν βασιλέα ιεριχω και τὸν βασιλέα τῆς γαι ἣ ἐστὶν πλησίον βαιθηλ.
- 10 wa lavil Jerizalèm, wa lavil Ebwon,
The king of Jerusalem, one; the king of Hebron, one;
 βασιλέα ιερουσαλημ βασιλέα χεβρων
- 11 wa lavil Jamout, wa lavil Lakis,
The king of Jarmuth, one; the king of Lachish, one;
 βασιλέα ιεριμουθ βασιλέα λαχισ
- 12 wa lavil Eglon, wa lavil Gezè,
The king of Eglon, one; the king of Gezer, one;
 βασιλέα αιλαμ βασιλέα γαζερ
- 13 wa lavil Debi, wa lavil Gedè,
The king of Debir, one; the king of Geder, one;
 βασιλέα δαβιρ βασιλέα γαδερ
- 14 wa lavil Oma, wa lavil Arad,
The king of Hormah, one; the king of Arad, one;
 βασιλέα ερμαθ βασιλέα αραθ
- 15 wa lavil Libna, wa lavil Adoulam,
The king of Libnah, one; the king of Adullam, one;
 βασιλέα λεβνα βασιλέα οδολλαμ
- 16 wa lavil Makeda, wa lavil Betèl,
The king of Makkedah, one; the king of Beth-el, one;
 βασιλέα μακηδα
- 17 wa lavil Tapwach, wa lavil Efè,
The king of Tappuah, one; the king of Hopher, one;
 βασιλέα ταφουγ βασιλέα οφερ
- 18 wa lavil Afèk, wa lavil Sawon,
The king of Aphek, one; the king of Lasharon, one;
 βασιλέα αφεκ τῆς σαρων
- 19 wa lavil Madòn, wa lavil Azò,
The king of Madon, one; the king of Hazor, one;
 βασιλέα ασωρ

- 20 wa lavil Chimwon, wa lavil Mewòm, wa lavil Akchaf,
The king of Shimron-meron, one; the king of Achshaph, one;
βασιλέα συμοων βασιλέα μαρρων βασιλέα αζιφ
- 21 wa lavil Tanak, wa lavil Megido,
The king of Taanach, one; the king of Megiddo, one;
βασιλέα καθης βασιλέα ταναχ
- 22 wa lavil Kadès, wa lavil Jokneyam nan zòn mòn Kamèl la,
The king of Kedes, one; the king of Jokneam in Carmel, one;
βασιλέα μαγεδων βασιλέα ιεκοναμ του χερμελ
- 23 wa lavil Dò sou zòn bò rivaj lanmè a, wa Goyim yo nan peyi Galile,
The king of Dor on the hill of Dor, one; the king of Goim in Gilgal, one;
βασιλέα δωρ του ναφεδδωρ βασιλέα γωιμ της γαλιλαιας
- 24 wa lavil Tiza. Sa te fè antou tranteyen wa ki te peri.
The king of Tirzah, one; all the kings together were thirty-one.
βασιλέα θαρσα πάντες οὔτοι βασιλείς εἴκοσι ἑννέα
- 1 ¶ Lè sa a, Jozye t'ap antre nan laj, li te fin granmoun. Seyè a di l' konsa: -Koulye a, ou fin granmoun, ou antre nan laj serye. Men, gen yon bon pòsyon nan peyi a toujou ki rete pou nou pran.
Now Joshua was old and full of years; and the Lord said to him, You are old and full of years, and there is still very much land to be taken.
καὶ ἰησοῦς πρεσβύτερος προβεβηκὸς τῶν ἡμερῶν καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰησοῦν σὺ προβέβηκας τῶν ἡμερῶν καὶ ἡ γῆ ὑπολείπεται πολλή εἰς κληρονομίαν
- 2 Rete nou tout teritwa moun Filisti yo ak tout peyi moun Jechou yo,
This is the land which is still to be taken: all the country of the Philistines, and all the Geshurites;
καὶ αὕτη ἡ γῆ ἡ καταλειμμένη ὄρια φυλιστιμ ὁ γεσιρι καὶ ὁ χαναναῖος
- 3 ki vle di depi larivyè Chikò k'ap koule sou fwontyè lès peyi Lejip la, moute nan nò, jouk sou fwontyè Ekwon an. Tout teritwa sa a te pase pou peyi moun Kanaran yo. Te gen senk chèf pami moun Filisti yo: yonn te rete lavil Gaza, yon lòt te rete lavil Asdòd, yon lòt lavil Askalon, yon lòt lavil Gat, yon lòt lavil Ekwon. Te rete peyi moun Avit yo tou,
From the Shihor, which is before Egypt, to the edge of Ekron to the north, which is taken to be Canaanite property: the five chiefs of the Philistines; the Gazites, and the Ashdodites, the Ashkelonites, the Gittites, and the Ekronites, as well as the Avvim;
ἀπὸ τῆς ἀουκήτου τῆς κατὰ πρόσωπον αἰγύπτου ἕως τῶν ὀρίων ακκαρων ἐξ εὐνόμων τῶν χαναναίων προσλογίζεται ταῖς πέντε σατραπείαις τῶν φυλιστιμ τῷ γαζαίῳ καὶ τῷ ἀζωτίῳ καὶ τῷ ἀσκαλω νίτη καὶ τῷ γεθθαίῳ καὶ τῷ ακκαρωνίτη καὶ τῷ ευαίῳ
- 4 sou bò sid la, tout peyi moun Kanaran yo, depi lavil Meara ki pou moun Sidon yo jouk Afeka, sou fwontyè peyi Amori a.
On the south: all the land of the Canaanites, and Mearah which is the property of the Zidonians, to Aphek, as far as the limit of the Amorites:
ἐκ θαιμαν καὶ πάση γῆ χανααν ἐναντίον γάζης καὶ οἱ σιδώνιοι ἕως αφεκ ἕως τῶν ὀρίων τῶν αμορραίων
- 5 Te rete ankò tè moun Jebal yo ak tout peyi Liban sou bò solèy leve, depi Baal-Gad nan pye mòn Emon jouk kote Pas Amat la konmanse a.
And the land of the Gebalites, and all Lebanon, looking east, from Baal-gad under Mount Hermon as far as Hamath:
καὶ πᾶσαν τὴν γῆν γαβλι φυλιστιμ καὶ πάντα τὸν λίβανον ἀπὸ ἀνατολῶν ἡλίου ἀπὸ γαλγαλ ὑπὸ τὸ ὄρος τὸ αερμων ἕως τῆς εἰσόδου εμαθ
- 6 Tout moun ki rete nan mòn yo, depi peyi Liban jouk lavil Misrefòt Mayim, tout moun Sidon yo, se mwen menm ki pral mete yo deyò pou fè plas pou pèp Izrayèl la. Men, se ou menm ki pral separe tè a bay chak moun pèp Izrayèl yo pòsyon pa yo, jan mwen te ba ou lòd la.
All the people of the hill-country from Lebanon to Misrephoth-maim, all the Zidonians; them will I send out from before the children of Israel: only make division of it to Israel for a heritage, as I have given you orders to do.
πᾶς ὁ κατοικῶν τὴν ὄρεινὴν ἀπὸ τοῦ λιβάνου ἕως τῆς μασερεφωθμαιμ πάντας τοὺς σιδωνίους ἐγὼ αὐτοὺς ἐξολεθρεύσω ἀπὸ προσώπου ἰσραηλ ἀλλὰ διάδος αὐτὴν ἐν κλήρῳ τῷ ἰσραηλ ὃν τρόπον σοι ἐνετείλαμην
- 7 ¶ Lè a rive koulye a pou nou separe peyi a bay nèf lòt branch fanmi yo ak lòt mwaye nan branch fanmi Manase a pòsyon pa yo.
So now make division of this land for a heritage to the nine tribes, and the half-tribe of Manasseh.
καὶ νῦν μέρισον τὴν γῆν ταύτην ἐν κληρονομία ταῖς ἑννέα φυλαῖς καὶ τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση ἀπὸ τοῦ ἰορδάνου ἕως τῆς θαλάσσης τῆς μεγάλης κατὰ δυσμὰς ἡλίου δώσεις αὐτὴν ἢ θάλασσα ἢ μεγάλη ἢ ὄριαι

- 8 Branch fanmi Woubenn lan ak branch fanmi Gad la ansanm ak mwatye nan branch fanmi Manase a te deja resevwa pòsyon tè pa yo lòt bò larivyè Jouden sou solèy leve. Se Moyiz, sèvitè Seyè a, ki te ba yo li.
With him the Reubenites and the Gadites have been given their heritage, which Moses gave them, on the east side of Jordan, as Moses, the servant of the Lord, gave them;
ταῖς δὲ δύο φυλαῖς καὶ τῇ ἡμίσει φυλῆς μανασση τῷ ρουβην καὶ τῷ γαδ ἔδωκεν μουσῆς ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου κατ' ἀνατολᾶς ἡλίου δέδωκεν αὐτὴν μουσῆς ὁ παῖς κυρίου
- 9 Peyi yo a te soté depi lavil Awoyè ki sou bò gwo ravin Anon an ak lavil ki nan mitan ravin lan, li pran tout plenn Medeba a rive lavil Dibon.
From Aroer, on the edge of the valley of the Arnon, and the town in the middle of the valley, and all the table-land from Medeba to Dibon;
ἀπὸ ἀρορη ἢ ἔστιν ἐπὶ τοῦ χειμᾶρρου ἀρνων καὶ τὴν πόλιν τὴν ἐν μέσῳ τῆς φάραγγος καὶ πᾶσαν τὴν μισωρ ἀπὸ μαιδαβα ἕως δαιβαν
- 10 Li pran tout lavil ki te pou Siyon, wa moun Amori yo, ki te rete lavil Esbon pandan tout rèy li, li rive jouk sou fwontyè moun Amon yo.
And all the towns of Sihon, king of the Amorites, who was ruling in Heshbon, to the limits of the children of Ammon;
πάσας τὰς πόλεις σηων βασιλέως αμορραίων ὃς ἐβασίλευσεν ἐν εσεβων ἕως τῶν ὀρίων υἱῶν αμμων
- 11 Li pran tout peyi Galarad la, tout teritwa moun Jechou yo ak moun Maaka yo ansanm ak tout mòn Emon ak mòn Bachan jouk Salka.
And Gilead, and the land of the Geshurites and the Maacathites, and all Mount Hermon, and all Bashan to Salecah;
καὶ τὴν γαλααδίτιδα καὶ τὰ ὄρια γεσιρι καὶ τοῦ μαχατι πᾶν ὄρος αερμων καὶ πᾶσαν τὴν βασανίτιν ἕως σελχα
- 12 Nan peyi Bazan an, yo pran tout zòn kote wa Og t'ap gouvènen an. Wa Og sa a te rete lavil Astawòt ak lavil Edreyi lè sa a. Se te dènye moun nan ras refayim yo ki te vivan. Moyiz te goumen ak pèp sa yo, li bat yo byen bat, li pran tout peyi a nan men de wa yo.
All the kingdom of Og in Bashan, who was ruling in Ashtaroth and in Edrei (he was one of the last of the Rephaim); these did Moses overcome, driving them out of their country.
πᾶσαν τὴν βασιλείαν ὡγ ἐν τῇ βασανίτιδι ὃς ἐβασίλευσεν ἐν ασταρωθ καὶ ἐν εδραῖν οὗτος κατελείφθη ἀπὸ τῶν γιγάντων καὶ ἐπάταξεν αὐτὸν μουσῆς καὶ ἐξωλέθρευσεν
- 13 Men, pèp Izrayèl la pa t' mete moun Jechou yo ak moun Maaka yo deyò. Se konsa, jouk jòdi a de pèp sa yo ap viv nan mitan pèp Izrayèl la toujou.
However, the people of Israel did not send out the Geshurites, or the Maacathites: but Geshur and Maacath are living among Israel to this day.
καὶ οὐκ ἐξωλέθρευσαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὸν γεσιρι καὶ τὸν μαχατι καὶ τὸν χαναναῖον καὶ κατῴκει βασιλεὺς γεσιρι καὶ ὁ μαχατι ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας
- 14 Sèl branch fanmi Levi a pa t' resevwa ankenn pòsyon tè ki rele l' pa l' nan pataj la, paske Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te kite tou sa yo ofri ba li pou yo, jan li te di l' la.
Only to the tribe of Levi he gave no heritage; the offerings of the Lord, the God of Israel, made by fire are his heritage, as he said to him.
πλὴν τῆς φυλῆς λευι οὐκ ἐδόθη κληρονομία κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ οὗτος αὐτῶν κληρονομία καθὰ εἶπεν αὐτοῖς κύριος καὶ οὗτος ὁ καταμερισμὸς ὃν καταμέρισεν μουσῆς τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ ἐν ἀραβῶθ μ ωαβ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου κατὰ ἱεριχω
- 15 Moyiz te separe tè branch fanmi Woubenn lan, li bay chak fanmi pòsyon pa yo.
And Moses gave their heritage to the tribe of Reuben by their families.
καὶ ἔδωκεν μουσῆς τῇ φυλῇ ρουβην κατὰ δῆμους αὐτῶν
- 16 Se konsa, pòsyon pa yo a te konmanse depi lavil Awoyè, ki sou bò ravin Anon an, li pran lavil ki nan mitan ravin lan, tout platon Medeba a,
Their limit was from Aroer, on the edge of the valley of the Arnon, and the town in the middle of the valley, and all the table-land by Medeba;
καὶ ἐγενήθη αὐτῶν τὰ ὄρια ἀπὸ ἀρορη ἢ ἔστιν κατὰ πρόσωπον φάραγγος ἀρνων καὶ ἡ πόλις ἢ ἐν τῇ φάραγγι ἀρνων καὶ πᾶσαν τὴν μισωρ
- 17 lavil Esbon ak tout lòt lavil ki te sou platon an, ki vle di Dibon, Bamòt, Baal, Bèt-Baal Meyon,
Heshbon and all her towns in the table-land; Dibon, and Bamoth-baal, and Beth-baal-meon;
ἕως εσεβων καὶ πάσας τὰς πόλεις τὰς οὐσας ἐν τῇ μισωρ καὶ δαιβων καὶ βαμωθβααλ καὶ οἴκου βεελμων
- 18 Jaza, Kedemòt, Mefrat,
And Jahaz, and Kedemoth, and Mephaath;
καὶ ἰασσα καὶ κεδημωθ καὶ μεφασθ
- 19 Kiryatayim, Libna ak Zerèt acha Jechimòt, sou ti bit ki nan fon an,
And Kiriathaim, and Sibmah, and Zereth-shahar in the mountain of the valley;
καὶ καριαθαίμ καὶ σεβαμα καὶ σεραδα καὶ σιωρ ἐν τῷ ὄρει εμακ
- 20 Bèt-Peyò, sou pant Pizga a, Bèt ajechimòt,
And Beth-peor, and the slopes of Pisgah, and Beth-jeshimoth;
καὶ βαιθφογορ καὶ ασηδωθ φασγα καὶ βαιθασιμωθ

- 21 tout lavil ki sou platon an, tout peyi wa Siyon ki t'ap gouvènen moun Amori yo nan lavil Esbon. Se Moyiz ki te kraze l' ansanm avèk chèf peyi Madyan yo: Evi, Rekèm, Zou, Our, Reba. Tout chèf sa yo t'ap viv nan peyi a sou lòd wa Siyon.
And all the towns of the table-land, and all the kingdom of Sihon, king of the Amorites, who was ruling in Heshbon, whom Moses overcame, together with the chiefs of Midian, Evi, and Rekem, and Zur, and Hur, and Reba, the chiefs of Sihon, who were living in the land.
καὶ πάσας τὰς πόλεις τοῦ μισωρ καὶ πᾶσαν τὴν βασιλείαν τοῦ σιων βασιλέως τῶν αμορραίων ὃν ἐπάταξεν μουσῆς αὐτὸν καὶ τοὺς ἡγουμένους μαδιαμ καὶ τὸν εὐι καὶ τὸν ροκομ καὶ τὸν σουρ καὶ τὸν οὐρ καὶ τὸν ροβε ἄρχοντας παρὰ σιων καὶ τοὺς κατοικοῦντας τὴν γῆν
- 22 Pami moun pou Izrayèl yo te touye yo, te gen pwofèt yo te rele Balam, pitit Beyò a.
And Balaam, the son of Beor, the prophet, the children of Israel put to death with the sword.
καὶ τὸν βλααμ τὸν τοῦ βεωρ τὸν μάντιν ἀπέκτειναν ἐν τῇ ῥοπή
- 23 Pòsyon tè moun branch fanmi Woubenn yo te rive jouk larivyè Jouden. Se tout lavil ak tout ti bouk sa yo yo te bay moun branch fanmi Woubenn yo. Yo te separe bay chak fanmi pòsyon pa yo, dapre kantite fanmi yo te genyen.
And the limit of the children of Reuben was the edge of Jordan. This was the heritage of the children of Reuben by their families, with its towns and its unwallèd places.
ἐγένετο δὲ τὰ ὄρια ρουβην ἰορδάνης ὄριον αὐτῆ ἢ κληρονομία υἰῶν ρουβην κατὰ δήμους αὐτῶν αἱ πόλεις αὐτῶν καὶ αἱ ἐπαύλεις αὐτῶν
- 24 Moyiz te separe tè branch fanmi Gad la, li bay chak fanmi pòsyon pa yo.
And Moses gave their heritage to the tribe of Gad by their families.
ἔδωκεν δὲ μουσῆς τοῖς υἰοῖς γαδ κατὰ δήμους αὐτῶν
- 25 Se konsa, pòsyon pa yo a te pran tout peyi Jazè a, tout lavil ki nan peyi Galarad la, mwaye nan peyi moun Amon yo, rive sou lavil Awoyè sou bò solèy leve lavil Raba.
And their limit was Jazer, and all the towns of Gilead, and half the land of the children of Ammon, to Aroer before Rabbah;
καὶ ἐγένετο τὰ ὄρια αὐτῶν ἰαζερ πᾶσαι αἱ πόλεις γαλααδ καὶ τὸ ἡμισυ γῆς υἰῶν αμμων ἕως αρορη ἢ ἐστὶν κατὰ πρόσωπον ραββα
- 26 Li te pran depi Esbon jouk Ramat Mizpe ak Betonim, depi Manayim jouk fwontyè peyi Lodeba.
And from Heshbon to Ramath-mizpeh, and Betonim; and from Mahanaim to the edge of Debir;
καὶ ἀπὸ εσεβων ἕως ραμωθ κατὰ τὴν μασηφα καὶ βοτανιν καὶ μααναιν ἕως τῶν ὀρίων δαβρι
- 27 Nan fon an yo te gen lavil sa yo: Bèt aram, Bèt-Nimra, Soukòt ak Zafon, rès peyi wa Siyon ki te rete Esbon an. Larivyè Jouden te sèvi yo fwontyè rive letan Galile nan nò. Tout pòsyon pa yo a te lòt bò solèy leve.
And in the valley, Beth-haram, and Beth-nimrah, and Succoth, and Zaphon, the rest of the kingdom of Sihon, king of Heshbon, having Jordan for its limit, to the end of the sea of Chinnereth on the east side of Jordan.
καὶ ἐν ἐμεκ βαιθαραμ καὶ βαιθαναβρα καὶ σοκχωθα καὶ σαφαν καὶ τὴν λοιπὴν βασιλείαν σιων βασιλέως εσεβων καὶ ὁ ἰορδάνης ὀριεῖ ἕως μέρους τῆς θαλάσσης χενερεθ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἀπ' ἀνατολῶν
- 28 Se tout lavil ak tout ti bouk sa yo yo te bay moun branch fanmi Gad yo. Yo te separe bay chak fanmi pòsyon pa yo, dapre kantite fanmi yo te genyen.
This is the heritage of the children of Gad by their families, with its towns and its unwallèd places
αὐτῆ ἢ κληρονομία υἰῶν γαδ κατὰ δήμους αὐτῶν αἱ πόλεις αὐτῶν καὶ αἱ ἐπαύλεις αὐτῶν
- 29 Moyiz te separe tè ki pou mwaye nan branch fanmi Manase a, li bay chak fanmi pòsyon pa yo.
And Moses gave their heritage to the half-tribe of Manasseh by their families.
καὶ ἔδωκεν μουσῆς τῷ ἡμίσει φυλῆς μαναση κατὰ δήμους αὐτῶν
- 30 Se konsa, pòsyon pa yo a te konmanse depi Manayim, li pran tout peyi Bazan an, tout peyi wa Og t'ap gouvènen an, ak swasant bouk ki te pou Jayi nan peyi Bazan an,
And their limit was from Mahanaim, all Bashan, all the kingdom of Og, king of Bashan, and all Havvoth-Jair, in Bashan, sixty towns;
καὶ ἐγένετο τὰ ὄρια αὐτῶν ἀπὸ μααναιμ καὶ πᾶσα βασιλεία βασαν καὶ πᾶσα βασιλεία ὠγ βασιλέως βασαν καὶ πάσας τὰς κόμας ἰαῖρ αἱ εἰσὶν ἐν τῇ βασανίτιδι ἐξήκοντα πόλεις
- 31 mwaye nan peyi Galarad la ansanm ak Astawòt ak Edreyi, lavil ki te pou wa Og nan peyi Bazan an. Se tout zòn sa yo ki vin pou mwaye nan branch fanmi Maki, pitit gason Manase a. Yo bay chak fanmi pòsyon pa yo.
And half Gilead, and Ashtaroth, and Edrei, towns of the kingdom of Og in Bashan, were for the children of Machir, the son of Manasseh, for half of the children of Machir by their families.
καὶ τὸ ἡμισυ τῆς γαλααδ καὶ ἐν ασταρωθ καὶ ἐν εδραῖν πόλεις βασιλείας ὠγ ἐν βασανίτιδι καὶ ἐδόθησαν τοῖς υἰοῖς μαχιρ υἱοῦ μαναση καὶ τοῖς ἡμίσεισιν υἰοῖς μαχιρ υἱοῦ μαναση κατὰ δήμους αὐτῶν
- 32 Se konsa Moyiz te separe tè ki lòt bò larivyè Jouden, anfas lavil Jeriko, sou bò solèy leve, lè li te nan plenn Moab yo.
These are the heritages of which Moses made distribution in the lowlands of Moab, on the other side of Jordan in Jericho, to the east.
οὗτοι οὖς κατεκληρονόμησεν μουσῆς πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν αραβωθ μωαβ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου κατὰ ἰερικο ἀπὸ ἀνατολῶν

- 1 ¶ Men tè yo te separe bay moun pèp Izrayèl yo. Se Eleaza, prèt la, ak Jozye, pitit gason Noun lan, ansanm ak tout chèf fanmi nan tout branch pèp Izrayèl yo ki te bay chak fanmi pòsyon pa yo.
And these are the heritages which the children of Israel took in the land of Canaan, which Eleazar, the priest, and Joshua, the son of Nun, and the heads of the tribes of the children of Israel, gave out to them;
καὶ οὗτοι οἱ κατακληρονομήσαντες υἱὸν ἰσραὴλ ἐν τῇ γῆ χανααν οἷς κατακληρονόμησεν αὐτοῖς ελεάζαρ ὁ ἱερεὺς καὶ ἰησοῦς ὁ τοῦ νουη καὶ οἱ ἄρχοντες πατριῶν φυλῶν τῶν υἱῶν ἰσραὴλ
- 2 Jan Seyè a te bay Moyiz lòd la, yo te tire osò devan Seyè a pou yo te ka konnen ki pòsyon ki tapral pou nèf branch fanmi ki te rete yo ak lòt mwaye branch nan fanmi Manase a.
Their heritage by the Lord's decision, as he gave orders by Moses, for the nine tribes and the half-tribe.
κατὰ κλήρους ἐκληρονόμησαν ὃν τρόπον ἐνετείλατο κύριος ἐν χειρὶ ἰησοῦ ταῖς ἐννέα φυλαῖς καὶ τῷ ἡμίσει φυλῆς
- 3 Moyiz te gen tan bay de branch fanmi ak mwaye nan yon twazyèm branch fanmi pòsyon pa yo lòt bò larivyè Jouden. Men, li pa t' bay moun fanmi Levi yo ankenn pòsyon nan tè sa yo.
κύκλῳ τῶν πόλεων αὐτῶν ἕως βαρεκ πορευομένων βαμεθ κατὰ λίβα αὐτῆ ἢ κληρονομία φυλῆς υἰῶν συμειων κατὰ δῆμους αὐτῶν
- 9 Nan pòsyon tè moun Jida yo, yo te pran yon pòsyon bay moun Simeyon yo, paske pòsyon tè ki te pou moun Jida yo te twòp pou yo. Se konsa, moun branch fanmi Simeyon yo te jwenn yon pòsyon tè ki te nan mitan pòsyon tè moun Jida yo.
The heritage of Simeon was taken out of Judah's stretch of land, for Judah's part was more than they had need of, so the heritage of the children of Simeon was inside their heritage.
ἀπὸ τοῦ κλήρου ἰουδα ἡ κληρονομία φυλῆς υἰῶν συμειων ὅτι ἐγενήθη ἡ μερίς υἰῶν ἰουδα μείζων τῆς αὐτῶν καὶ ἐκληρονόμησαν οἱ υἱοὶ συμειων ἐν μέσῳ τοῦ κλήρου αὐτῶν
- 10 ¶ Twazyèm pòsyon tè a te vin pou moun branch fanmi Zabillon yo, pou yo separe bay chak fanmi pa yo. Pòsyon tè yo te resevwa a te rive jouk Sarid.
And the third heritage came out for Zebulun by their families; the limit of their heritage was as far as Sarid;
καὶ ἐξῆλθεν ὁ κληρὸς ὁ τρίτος τῷ ζαβουλων κατὰ δῆμους αὐτῶν ἔσται τὰ ὅρια τῆς κληρονομίας αὐτῶν εσεδεκ
- 11 Limit la moute bò lwès, li rive Mareala, li pase Dabechèt. Apre sa, li rive nan ravin ki pase anfas Jokneyam,
And their limit goes up to the west to Maralah, stretching to Dabbesheth, and to the stream in front of Jokneam;
γῶλα ὅρια αὐτῶν ἢ θάλασσα καὶ μαραγελλα καὶ συνάπει ἐπὶ βαιθαραβα εἰς τὴν φάραγγα ἢ ἔστιν κατὰ πρόσωπον ἰεκμαν
- 12 Lòt bò lavil Sarid, nan direksyon solèy leve, jouk yo rive sou limit Kislòt-Tabò. Apre sa, li pran chemen Daberat, li moute Jafya.
Then turning east from Sarid to the limit of Chisloth-tabor, it goes out to Daberath, and up to Japhia;
καὶ ἀνέστρεψεν ἀπὸ σεδδοκ ἐξ ἐναντίας ἀπ' ἀνατολῶν βαιθσαμυς ἐπὶ τὰ ὅρια χασελωθαιθ καὶ διελεύσεται ἐπὶ δαβιρωθ καὶ προσαναβήσεται ἐπὶ φαγγαι
- 13 Li soti Jafya nan menm direksyon solèy leve a, li rive sou Gat-Efè ak Itakasen. Li pase sou Rimon, li vire sou Nea.
And from there it goes on east to Gath-hepher, to Eth-kazin; ending at Rimmon which goes as far as Neah;
καὶ ἐκεῖθεν περιελεύσεται ἐξ ἐναντίας ἐπ' ἀνατολῆς ἐπὶ γεβερε ἐπὶ πόλιν κατασεμ καὶ διελεύσεται ἐπὶ ρεμμωνα αμαθαρ αοζα
- 14 Sou bò nò, limit la vire sou Anaton, l' al bout nan fon Jiftayèl.
And the line goes round it on the north to Hannathon, ending at the valley of Iphtah-el;
καὶ περιελεύσεται ὅρια ἐπὶ βορρᾶν ἐπὶ αμωθ καὶ ἔσται ἡ διέξοδος αὐτῶν ἐπὶ γαιφαηλ
- 15 Yo te ba yo lavil sa yo tou: Katat, Naala, Chimwon, Jideala ak Betleyèm. Sa te fè antou douz lavil ak tout ti bouk ki te sou lòd yo.
And Kattath and Nahalal and Shimron and Idalah and Beth-lehem; twelve towns with their unwalled places.
καὶ καταναθ καὶ ναβααλ καὶ συμωων καὶ ιεριχω καὶ βαιθμαν
- 16 Tout lavil sa yo ak tout ti bouk ki te sou lòd yo te nan pòsyon tè yo te bay moun branch fanmi Zabillon yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.
This is the heritage of the children of Zebulun by their families, these towns with their unwalled places.
αὕτη ἡ κληρονομία φυλῆς υἰῶν ζαβουλων κατὰ δῆμους αὐτῶν πόλεις καὶ αἱ κῶμαι αὐτῶν
- 17 ¶ Katriyèm pòsyon tè a te vin pou moun branch fanmi Isaka yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.
For Issachar the fourth heritage came out, for the children of Issachar by their families;
καὶ τῷ ἰσσαχαρ ἐξῆλθεν ὁ κληρὸς ὁ τέταρτος
- 18 Pòsyon sa a te rive jouk lavil Jizreyèl. Men lòt lavil ki te ladan l': Kesoulòt, Choumèm,
And their limit was to Jezreel and Chesulloth and Shunem
καὶ ἐγενήθη τὰ ὅρια αὐτῶν ἰαζηλ καὶ χασαλωθ καὶ σουναν
- 19 Afarayim, Chiyon, Anakarat,
And Hapharaim and Shion and Anaharath
καὶ αγιν καὶ σιωνα καὶ ρειρωθ καὶ αναχερεθ

- 20 **Rabit, Kichyon, Abèz,**
And Rabbith and Kishion and Ebez
καὶ δαβιρων καὶ κισων καὶ ρεβες
- 21 **Remèt ak An-Gannim, An ada ak Bèt-Pasèz.**
And Remeth and En-gannim and En-haddah and Beth-pazzez;
καὶ ρεμμας καὶ ιεων καὶ τομμαν καὶ αιμαρεκ καὶ βηρσαφης
- 22 **Fwontyè a te rive lavil Tabò, lavil Charasima ak lavil Bèt-Chemèch. Epi l' al bout nan larivyè Jouden. Antou sa te fè sèz lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo.**
And their limit goes as far as Tabor and Shahazimah and Beth-shemesh, ending at Jordan; sixteen towns with their unwalled places.
καὶ συνάψει τὰ ὄρια ἐπὶ γαιθβωρ καὶ ἐπὶ σαλιμ κατὰ θάλασσαν καὶ βαιθσαμυς καὶ ἔσται αὐτοῦ ἡ διέξοδος τῶν ὀρίων ὁ ιορδάνης
- 23 **Tout lavil sa yo ak tout ti bouk ki te sou lòd yo te nan pòsyon tè yo te bay moun branch fanmi Isaka yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.**
This is the heritage of the tribe of the children of Issachar by their families, these towns with their unwalled places.
αὕτη ἡ κληρονομία φυλῆς υἱῶν ισσαχαρ κατὰ δήμους αὐτῶν αἱ πόλεις καὶ αἱ κῶμαι αὐτῶν
- 24 **¶ Senkyèm pòsyon tè a soti pou branch fanmi Asè a pou yo separe bay chak fanmi pa yo.**
And the fifth heritage came out for the tribe of Asher by their families.
καὶ ἐξῆλθεν ὁ κληῖρος ὁ πέμπτος ασηρ
- 25 **Men lavil ki te nan pòsyon tè pa yo a: Elkat, Ali, Betèn, Akchaf,**
And their limit was Helkath and Hali and Beten and Achshaph
καὶ ἐγενήθη τὰ ὄρια αὐτῶν ἐξ ελεκεθ καὶ αλεφ καὶ βαιθοκ καὶ κεαφ
- 26 **Alamelèk, Ameyad, Micheyal. Sou bò solèy kouche, li te rive mòn Kamèl ak ravin Libnat.**
And Alammelech and Amad and Mishal, stretching to Carmel on the west and Shihor-libnath;
καὶ ελιμελεκ καὶ αμιηλ καὶ μαασα καὶ συνάψει τῷ καρμήλω κατὰ θάλασσαν καὶ τῷ σιων καὶ λαβαναθ
- 27 **Sou bò solèy leve, tè a rive jouk Bèt-Dagon, li rive sou limit tè moun Zabilon yo, li pran fon Jiftayèl la moute nan direksyon nò, li pase Bèt-Emèk ak Neyèl, li bout sou Kaboul bò nan nò nèt.**
Turning to the east to Beth-dagon and stretching to Zebulun and the valley of Iphtah-el as far as Beth-emek and Neiel to the north; on the left it goes as far as Cabul
καὶ ἐπιστρέψει ἀπ' ἀνατολῶν ἰλίου καὶ βαιθεγενεθ καὶ συνάψει τῷ ζαβουλον καὶ ἐκ γαι καὶ φθαιηλ κατὰ βορρᾶν καὶ εἰσελεύσεται ὄρια σαφθαιβαιθμε καὶ ιναηλ καὶ διελεύσεται εἰς χωβα μασομελ
- 28 **Konsa men lòt lavil ki te nan pòsyon tè sa a: Abdon, Reyòb, Amon ak Kana jouk gwo lavil Sidon an.**
And Ebron and Rehob and Hammon and Kanah, to great Zidon;
καὶ ελβων καὶ ρασβ καὶ εμεμαων καὶ κανθαν ἕως σιδῶνος τῆς μεγάλης
- 29 **Aprè sa, limit la vire tounen nan direksyon Rama jouk li rive nan gwo fò lavil Tir la, li pouse pou Osa epi l' al bout nan lanmè Mediterane a. Nan menm pòsyon tè yo a, te vin gen tou Maralèb, Aksib,**
And the limit goes round to Ramah and the walled town of Tyre and Hosah, ending at the sea by Heleb and Achzib;
καὶ ἀναστρέψει τὰ ὄρια εἰς ραμα καὶ ἕως πηγῆς μασφασσατ καὶ τῶν τυρίων καὶ ἀναστρέψει τὰ ὄρια ἐπὶ ιασιφ καὶ ἔσται ἡ διέξοδος αὐτοῦ ἡ θάλασσα καὶ ἀπὸ λεβ καὶ εχοζοβ
- 30 **Ako, Afèk, Reyòb. Sa te fè antou vennde lavil ak tout ti bouk ki te sou lòd yo.**
And Ummah and Aphek and Rehob; twenty-two towns with their unwalled places.
καὶ αρχωβ καὶ αφεκ καὶ ρασν
- 31 **Tout lavil sa yo ak tout ti bouk ki te sou lòd yo te nan pòsyon tè yo te bay moun branch fanmi Asè yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.**
This is the heritage of the tribe of the children of Asher by their families, these towns with their unwalled places.
αὕτη ἡ κληρονομία φυλῆς υἱῶν ασηρ κατὰ δήμους αὐτῶν πόλεις καὶ αἱ κῶμαι αὐτῶν
- 32 **¶ Se pou moun branch fanmi Neftali yo sizyèm pòsyon tè a vini pou yo te ka separe bay chak fanmi pa yo.**
For the children of Naphtali the sixth heritage came out, for the children of Naphtali by their families;
καὶ τῷ νεφθαλι ἐξῆλθεν ὁ κληῖρος ὁ ἕκτος
- 33 **Limit la soti lavil Elèf, bò pye chenn Sanannim lan, li pase Adami-Nekèd, Jabneyèl jouk li rive Lakoum, pou l' al bout sou larivyè Jouden an.**
And their limit was from Heleph, from the oak-tree in Zaanannim, and Adami-hannekeb and Jabneel, as far as Lakkum, ending at Jordan;
καὶ ἐγενήθη τὰ ὄρια αὐτῶν μοολαμ καὶ μωλα καὶ βεσεμμιν καὶ αρμε καὶ ναβοκ καὶ ιεφθαμαι ἕως δωδαμ καὶ ἐγενήθησαν αἱ διέξοδοι αὐτοῦ ὁ ιορδάνης

- 34 Sou bò solèy kouche, limit la vire sou Aznòt-Tabò. Lè l' soti la, l' al Oukòk, li pase sou limit tè moun Zabilon yo bò nan sid, sou baliz tè moun Asè yo sou bò lwès. Sou bò lès, li pase sou limit tè moun Jida yo kote li lonje larivyè Jouden an.
And turning west to Aznoth-tabor, the limit goes out from there to Hukkok, stretching to Zebulun on the south, and Asher on the west, and Judah at Jordan on the east.
καὶ ἐπιστρέφει τὰ ὄρια ἐπὶ θάλασσαν ἐναθ θαβωρ καὶ διελεύσεται ἐκεῖθεν ἰακανα καὶ συνάψει τῷ ζαβουλων ἀπὸ νότου καὶ ἀσπρ συνάψει κατὰ θάλασσαν καὶ ὁ ἰορδάνης ἀπ' ἀνατολῶν ἡλίου
- 35 Men lavil ki te gen fò ak ranpa pou pwoteje yo: Se te Sidim, Sèr, Amat, Raka, Kinerèt,
And the walled towns are Ziddim, Zer, and Hammath, Rakkath, and Chinnereth
καὶ αἱ πόλεις τευχήρεις τῶν τυρίων τύρος καὶ ὠμαθα δακεθ καὶ κενερεθ
- 36 Adama, Rama, Asò,
And Adamah and Ramah and Hazor
καὶ αρμαιθ καὶ αραηλ καὶ ασωρ
- 37 Kadès, Edreyi, An asò,
And Kedesh and Edrei and En-Hazor
καὶ καδες καὶ ασσαρι καὶ πηγὴ ασωρ
- 38 Jireyon, Migdalèl, Orèm, Bèt anat, Bèt-Chemèch. Sa te fè antou disnèf lavil ak tout ti bouk ki sou lòd yo.
And Iron and Migdal-el, Horem and Beth-anath and Beth-shemesh; nineteen towns with their unwalled places.
καὶ κερωε καὶ μεγὰλα αρμ καὶ βαθθαμε καὶ θεσσαμυς
- 39 Men tout lavil ansanm ak tout ti bouk sou lòd yo ki te nan pòsyon tè yo bay moun Neftali yo pou yo separe bay chak fanmi pa yo.
This is the heritage of the tribe of the children of Naphtali by their families, these towns with their unwalled places.
αὕτη ἡ κληρονομία φυλῆς νιῶν νεφθαλι
- 40 ¶ Se pou moun branch fanmi Dann yo setyèm pòsyon tè a te vini pou yo te ka separe bay chak fanmi pa yo.
For the tribe of Dan by their families the seventh heritage came out;
καὶ τῷ δαν ἐξῆλθεν ὁ κληρος ὁ ἕβδομος
- 41 Men lavil yo te jwenn nan pòsyon tè pa yo a: Se te Soreya, Ectawòl, Ichemèch,
And the limit of their heritage was Zorah and Eshtaol and Ir-shemesh
καὶ ἐγενήθη τὰ ὄρια αὐτῶν σαραθ καὶ ασα πόλεις σαμμυς
- 42 Chalabin, Ajalon, Jitla,
And Shaalabbin and Aijalon and Ithlah
καὶ σαλαβιν καὶ αμμων καὶ σιλαθα
- 43 Elon, Timnata, Ekwon,
And Elon and Timnah and Ekron
καὶ αλων καὶ θαμναθα καὶ ακκαρων
- 44 Eltekè, Gibeton, Baalat,
And Eltekeh and Gibbethon and Baalath
καὶ αλκαθα καὶ βεγεθων καὶ γεβεελαν
- 45 Jewoud, Bene-Berak Gat-Rimon,
And Jehud and Bene-berak and Gath-rimmon;
καὶ αζωρ καὶ βαναιβακατ καὶ γεθρεμμων
- 46 Me-jakon ak Rakon, ansanm avèk tout tè ki anfas lavil Jope.
And on the west was ... opposite Joppa.
καὶ ἀπὸ θαλάσσης ἱερακων ὄριον πλησίον ἰόππης

- 47 Men, moun branch fanmi Dann yo kite lòt moun pran peyi a nan men yo. Se konsa, yo moute al atake lavil Lechèm. Yo anvayi lavil la, yo touye tout moun ki te rete ladan l'. Yo pran lavil la pou yo, yo rete ladan l'. Epi yo chanje non l'. Yo pa rele l' Lechèm ankò. Yo ba li non zansèt yo, yo rele l' Dann.
(But the limit of the children of Dan was not wide enough for them; so the children of Dan went up and made war on Leshem and took it, putting it to the sword without mercy, and they took it for their heritage and made a place for themselves there, giving it the name of Leshem-dan, after the name of their father, Dan.)
αὕτη ἡ κληρονομία φυλῆς υἰῶν δαν κατὰ δήμους αὐτῶν αἱ πόλεις αὐτῶν καὶ αἱ κῶμαι αὐτῶν [47a] καὶ οὐκ ἐξέθλιψαν οἱ υἱοὶ δαν τὸν ἀμορραῖον τὸν θλίβοντα αὐτοὺς ἐν τῷ ὄρει καὶ οὐκ εἶον αὐτοὺς ὁ ἰ ἀμορραῖοι καταβῆναι εἰς τὴν κοιλάδα καὶ ἐθλίψαν ἀπ' αὐτῶν τὸ ὄριον τῆς μερίδος αὐτῶν
- 48 Men pòsyon tè ansanm ak tout lavil ak ti bouk ki te sou lòd yo, ki te vin pou moun branch fanmi Dann yo pou yo te separe bay chak fanmi pa yo.
This is the heritage of the tribe of the children of Dan by their families, these towns with their unwalled places.
καὶ ἐπορεύθησαν οἱ υἱοὶ ἰουδα καὶ ἐπολέμησαν τὴν λαχὶς καὶ κατελάβοντο αὐτὴν καὶ ἐπάταξαν αὐτὴν ἐν στόματι μαχαίρας καὶ κατόκησαν αὐτὴν καὶ ἐκάλεσαν τὸ ὄνομα αὐτῆς λασηνδακ [48a] καὶ ὁ ἀμορραῖος ὑπέμεινεν τοῦ κατοικεῖν ἐν ελωμ καὶ ἐν σαλαμιν καὶ ἐβαρύνθη ἡ χεὶρ τοῦ εφραιμ ἐπ' αὐτοὺς καὶ ἐγένοντο αὐτοῖς εἰς φόρον
- 49 ¶ Aprè moun pèp Izrayèl yo te fin separe rès peyi a bay chak branch fanmi pòsyon pa yo, yo bay Jozye, pitit gason Noun lan, yon pòsyon nan tè a ki pou rele l' pa l'.
So the distribution of the land and its limits was complete; and the children of Israel gave Joshua, the son of Nun, a heritage among them;
καὶ ἐπορεύθησαν ἐμβατεῦσαι τὴν γῆν κατὰ τὸ ὄριον αὐτῶν καὶ ἔδωκαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ κληρὸν ἰησοῖ τῷ υἱῷ ναυη ἐν αὐτοῖς
- 50 Jan Seyè a te ba yo lòd la, yo ba li lavil li te mande a: Timnat-Sera nan mòn Efrayim. Li rebati lavil la epi li rete ladan l'.
By the orders of the Lord they gave him the town for which he made request, Timnath-serah in the hill-country of Ephraim: there, after building the town, he made his living-place.
διὰ προστάγματος τοῦ θεοῦ καὶ ἔδωκαν αὐτῷ τὴν πόλιν ἣν ἠτήσαστο θαμνασαραχ ἣ ἐστὶν ἐν τῷ ὄρει εφραιμ καὶ ὠκοδόμησεν τὴν πόλιν καὶ κατοίκει ἐν αὐτῇ
- 51 Men divès pòsyon tè Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, ak chèf fanmi yo te separe bay branch fanmi pèp Izrayèl la, devan Seyè a, nan papòt Tant Randevou a, apre yo te fin tire osò. Se konsa yo te fin separe peyi a nèt.
These are the heritages which Eleazar the priest and Joshua, the son of Nun, and the heads of families of the tribes of the children of Israel gave out at Shiloh, by the decision of the Lord, at the door of the Tent of meeting. So the distribution of the land was complete.
αὗται αἱ διαρέσεις ἃς κατεκληρονόμησεν ελεαζαρ ὁ ἱερεὺς καὶ ἰησοῦς ὁ τοῦ ναυη καὶ οἱ ἄρχοντες τῶν πατριῶν ἐν ταῖς φυλαῖς ἰσραηλ κατὰ κλήρους ἐν σηλω ἐναντίον κυρίου παρὰ τὰς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου καὶ ἐπορεύθησαν ἐμβατεῦσαι τὴν γῆν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Jozye, li di l' konsa:
And the Lord said to Joshua,
καὶ ἐλάλησεν κύριος τῷ ἰησοῖ λέγων
- 2 -Pale ak moun pèp Izrayèl yo, di yo pou yo chwazi lavil kote moun ka jwenn pwoteksyon, jan mwen te bay Moyiz lòd pou yo fè a.
Say to the children of Israel, Let certain towns be marked out as safe places, as I said to you by the mouth of Moses,
λάλησον τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ λέγων ὅτε τὰς πόλεις τῶν φυγαδευτηρίων ἃς εἶπα πρὸς ὑμᾶς διὰ μουσῆ
- 3 Lè yon moun touye yon moun san li pa fè espere, san li pa t' gen lide fè sa, li ka kouri al kache la pou yo ka pwoteje l' pou l' pa tonbe anba men moun k'ap chache l' pou yo tire revanj.
So that any man who in error and without design has taken the life of another, may go in flight to them: and they will be safe places for you from him who has the right of punishment for blood.
φυγαδευτήριον τῷ φονευτῇ τῷ πατάξαντι ψυχὴν ἀκουσίως καὶ ἔσονται ὑμῖν αἱ πόλεις φυγαδευτήριον καὶ οὐκ ἀποθανεῖται ὁ φονευτῆς ὑπὸ τοῦ ἀγγιστεύοντος τὸ αἷμα ἕως ἂν καταστή ἐναντίον τῆς σὺ ναγωγῆς εἰς κρίσιν
- 7 ¶ Se konsa, moun yo pran lavil Kadès nan peyi Galile, nan mòn ki pou moun branch fanmi Neftali yo, lavil Sichèm nan mòn ki pou moun branch fanmi Efrayim yo ak lavil Kiriyaat aba ki rele koulye a Ebwon, nan mòn ki pou moun branch fanmi Jida yo pou sèvi pwoteksyon.
So they made selection of Kedesh in Galilee in the hill-country of Naphtali, and Shechem in the hill-country of Ephraim, and Kiriath-arba (which is Hebron) in the hill-country of Judah.
καὶ διέστειλεν τὴν καθὼς ἐν τῇ γαλιλαίᾳ ἐν τῷ ὄρει τῷ νεφθαλι καὶ συχεμ ἐν τῷ ὄρει τῷ εφραιμ καὶ τὴν πόλιν ἀρβοκ αὕτη ἐστὶν γεβρων ἐν τῷ ὄρει τῷ ἰουδα
- 8 Lòt bò lariyyè Jouden an menm, nan platon ki anfas lavil Jeriko, bò solèy leve, yo chwazi twa lavil nan dezè a pou sa tou: Bezè nan zòn ki pou moun branch fanmi Woubenn yo, Ramòt-Galarad nan zòn ki pou moun branch fanmi Gad yo, ak Golan nan peyi Bazan an nan zòn ki pou moun branch fanmi Manase yo.
And on the east side of Jordan at Jericho, they made selection of Bezer in the waste land, in the table-land, out of the tribe of Reuben, and Ramoth in Gilead out of the tribe of Gad, and Golan in Bashan out of the tribe of Manasseh.
καὶ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἔδωκεν βοσπορ ἐν τῇ ἐρήμῳ ἐν τῷ πεδίῳ ἀπὸ τῆς φυλῆς ρουβην καὶ ἀρημωθ ἐν τῇ γαλααδ ἐκ τῆς φυλῆς γαδ καὶ τὴν γαυλων ἐν τῇ βασανίτιδι ἐκ τῆς φυλῆς μανασση

- 9 Men non lavil yo te chwazi pou bay pwoteksyon yo. Nenpòt moun nan pèp Izrayèl la osinon nan moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo ki ta touye yon moun san fè espere, l'a gen dwa kouri al kache la pou yo ka pwoteje l' pou l' pa tonbe anba men moun ki fanmi pi pre moun li te touye a, anvan li parèt devan tout pèp la pou yo jije l'.
- These were the towns marked out for all the children of Israel and for the man from a strange country living among them, so that anyone causing the death of another in error, might go in flight there, and not be put to death by him who has the right of punishment for blood till he had come before the meeting of the people.*
- αὗται αἱ πόλεις αἱ ἐπικλητοὶ τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ καὶ τῷ προσηλύτῳ τῷ προσκειμένῳ ἐν αὐτοῖς καταφυγεῖν ἐκεῖ παντὶ παῖοντι ψυχὴν ἀκουσίως ἵνα μὴ ἀποθάνῃ ἐν χειρὶ τοῦ ἀγχιστεύοντος τὸ αἷμα ἕως ἂ ν καταστῆ ἔναντι τῆς συναγωγῆς εἰς κρίσιν*
- 1 ¶ Chèf fanmi Levi yo vin jwenn Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, ak chèf tout lòt branch fanmi pèp Izrayèl la.
- Then the heads of the families of the Levites came to Eleazar the priest and Joshua, the son of Nun, and to the heads of families of the tribes of the children of Israel;*
- καὶ προσήλθοσαν οἱ ἀρχιπατριῶται τῶν υἰῶν λευὶ πρὸς ελεάζαρ τὸν ἱερέα καὶ πρὸς ἰησοῦν τὸν τοῦ ναυη καὶ πρὸς τοὺς ἀρχιφύλους πατριῶν ἐκ τῶν φυλῶν ἰσραὴλ.*
- 2 Lè sa a, tout moun sa yo te reyini lavil Silo, nan peyi Kanaran. Chèf fanmi Levi yo di yo: -Seyè a te pale ak Moyiz pou nou. Li te bay lòd pou yo te ban nou lavil pou nou rete ak savann pou bèt nou yo jwenn manje.
- And said to them in Shiloh in the land of Canaan, The Lord gave orders by Moses that we were to have towns for living in, with their grass-lands for our cattle.*
- καὶ εἶπον πρὸς αὐτοὺς ἐν σὴλω ἐν γῆ χανααν λέγοντες ἐνετείλατο κύριος ἐν χειρὶ μουσῆ δοῦναι ἡμῖν πόλεις κατοικεῖν καὶ τὰ περισπόμενα τοῖς κτήνεσιν ἡμῶν*
- 3 Se konsa, moun pèp Izrayèl yo chwazi kèk lavil ak tout savann pou bèt nan pwòp pòsyon tè pa yo, yo bay moun branch fanmi Levi yo, jan Seyè a te bay lòd la.
- And the children of Israel out of their heritage gave to the Levites these towns with their grass-lands, by the order of the Lord.*
- καὶ ἔδωκαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ τοῖς λευίταις ἐν τῷ κατακληρονομεῖν διὰ προστάγματος κυρίου τὰς πόλεις καὶ τὰ περισπόμενα αὐτῶν*
- 4 Yo tire osò. Premye moun ki jwenn pa yo se te moun fanmi Keyat yo. Yo pran trèz lavil nan pòsyon tè ki pou moun branch fanmi Jida, branch fanmi Simeyon ak branch fanmi Benjamen yo, yo bay moun Keyat yo. Moun sa yo se ras fanmi Arawon, prèt la, yo ye.
- And the heritage came out for the families of the Kohathites: the children of Aaron the priest, who were of the Levites, were given thirteen towns from the tribes of Judah, Simeon, and Benjamin.*
- καὶ ἐξῆλθεν ὁ κληρὸς τῷ δήμῳ καθ καὶ ἐγένετο τοῖς υἱοῖς ααρων τοῖς ἱερεῦσιν τοῖς λευίταις ἀπὸ φυλῆς ἰουδα καὶ ἀπὸ φυλῆς σιμεων καὶ ἀπὸ φυλῆς βενιαμιν κληρωτὶ πόλεις δέκα τρεῖς*
- 5 Apre sa, yo pran dis lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Efrayim, branch fanmi Dann ansanm ak mwatye branch fanmi Manase yo, yo separe bay lòt pitit Keyat yo, chak fanmi pa yo apa.
- The rest of the children of Kohath by their families were given ten towns from the tribes of Ephraim and Dan and the half-tribe of Manasseh.*
- καὶ τοῖς υἱοῖς καθ τοῖς καταλειμμένοις ἐκ τῆς φυλῆς εφραιμ καὶ ἐκ τῆς φυλῆς δαν καὶ ἀπὸ τοῦ ἡμίσεος φυλῆς μανασση κληρωτὶ πόλεις δέκα*
- 6 Lèfini, yo pran trèz lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Isaka, branch fanmi Asè, branch fanmi Neftali ak lòt mwatye branch fanmi Manase a nan peyi Bazan, yo separe bay pitit Gèchon yo, chak fanmi pa yo apa.
- The children of Gershon by their families were given thirteen towns from the tribes of Issachar and Asher and Naphtali and the half-tribe of Manasseh which was in Bashan.*
- καὶ τοῖς υἱοῖς γεδσον ἀπὸ τῆς φυλῆς ἰσσαχαρ καὶ ἀπὸ τῆς φυλῆς ασηρ καὶ ἀπὸ τῆς φυλῆς νεφθαλι καὶ ἀπὸ τοῦ ἡμίσεος φυλῆς μανασση ἐν τῷ βασαν πόλεις δέκα τρεῖς*
- 7 Yo pran douz lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Woubenn, branch fanmi Gad ak branch fanmi Zabylon yo, yo separe bay pitit Merari yo, chak fanmi pa yo apa.
- The children of Merari by their families were given twelve towns from the tribes of Reuben and Gad and Zebulun.*
- καὶ τοῖς υἱοῖς μεραρι κατὰ δήμους αὐτῶν ἀπὸ φυλῆς ρουβην καὶ ἀπὸ φυλῆς γαδ καὶ ἀπὸ φυλῆς ζαβουλων κληρωτὶ πόλεις δώδεκα*
- 8 Se konsa moun pèp Izrayèl yo te tire osò pou Seyè a te ka fè yo konnen ki lavil ak tout savann pou yo bay moun Levi yo, jan Seyè a te bay Moyiz lòd pou yo fè a.
- All these towns with their grass-lands the children of Israel gave by the decision of the Lord to the Levites, as the Lord had given orders by Moses.*
- καὶ ἔδωκαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ τοῖς λευίταις τὰς πόλεις καὶ τὰ περισπόμενα αὐτῶν ὃν τρόπον ἐνετείλατο κύριος τῷ μουσῆ κληρωτὶ*
- 9 ¶ Men non lavil moun branch fanmi Jida ak branch fanmi Simeyon yo te bay nan pòsyon tè pa yo.
- From the tribes of the children of Judah and the children of Simeon they gave these towns, listed here by name:*
- καὶ ἔδωκεν ἡ φυλὴ υἰῶν ἰουδα καὶ ἡ φυλὴ υἰῶν σιμεων καὶ ἀπὸ τῆς φυλῆς υἰῶν βενιαμιν τὰς πόλεις καὶ ἐπεκλήθησαν*
- 10 Lavil sa yo te soti pou moun fanmi Keyat, pitit gason Arawon, nan branch fanmi Levi a. Premye gwoup lavil la te vin pou yo.
- These were for the children of Aaron among the families of the Kohathites, of the children of Levi: for they came first in the distribution.*
- τοῖς υἱοῖς ααρων ἀπὸ τοῦ δήμου τοῦ καθ τῶν υἰῶν λευὶ ὅτι τοῦτοις ἐγενήθη ὁ κληρὸς*
- 11 Yo te ba yo lavil Kiriyaat arba, ki rele koulye a Ebwon, yon lavil ki te nan mòn peyi Jida yo, ansanm ak tout savann pou mouton yo. Se lavil sa a ki te kapital peyi moun Anak yo.
- They gave them Kiriath-arba, the town of Arba, the father of Anak, (which is Hebron) in the hill-country of Judah, with its grass-lands.*
- καὶ ἔδωκεν αὐτοῖς τὴν καριαθαρβοκ μητρόπολιν τῶν ενακ αὕτη ἐστὶν γεβρων ἐν τῷ ὄρει ἰουδα τὰ δὲ περισπόμενα κύκλῳ αὐτῆς*

- 12 Men, yo pran tout jaden ki te andeyò lavil la ak tout ti bouk ki te sou lòd li yo, yo bay Kalèb, pitit gason Jefoune a, pou rele l' pa l'.
But the open country round the town, and its unwallèd places, they gave to Caleb, the son of Jephunneh, as his property.
καὶ τοὺς ἀγροὺς τῆς πόλεως καὶ τὰς κώμας αὐτῆς ἔδωκεν ἰησοῦς τοῖς υἱοῖς χαλεβ υἱοῦ ιεφοννη ἐν κατασχέσει
- 13 Men lavil yo te bay moun fanmi Arawon, prèt la: lavil Ebwon, kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon, ansanm ak tout savann pou bèt li yo,
And to the children of Aaron the priest they gave Hebron with its grass-lands, the town where the taker of life might be safe, and Libnah with its grass-lands;
καὶ τοῖς υἱοῖς ααρων τὴν πόλιν φυγαδευτήριον τῷ φονεύσαντι τὴν χεβρον καὶ τὰ ἀφορισμένα τὰ σὺν αὐτῇ καὶ τὴν λεμνα καὶ τὰ ἀφορισμένα τὰ πρὸς αὐτῇ
- 14 lavil Jati, lavil Echtemoa,
And Jattir with its grass-lands, and Eshtemoa with its grass-lands;
καὶ τὴν αιλωμ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τὴν τεμα καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 15 lavil Olòn, lavil Debi,
And Holon with its grass-lands, and Debir with its grass-lands;
καὶ τὴν γελλα καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τὴν δαβιρ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 16 lavil Ayin, lavil Jouta, lavil Bèt-Chemèch, ansanm ak tout savann pou bèt yo: Sa te fè nèf lavil yo te pran sou de branch fanmi sa yo.
And Ain, and Juttah, and Beth-shemesh, with their grass-lands; nine towns from those two tribes.
καὶ ασα καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τανυ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ βαιθσαμυς καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις ἑννέα παρὰ τῶν δύο φυλῶν τούτων
- 17 Nan pòsyon tè pou branch fanmi Benjamen an, yo te bay lavil Gabawon, lavil Geba ansanm ak tout savann pou bèt yo,
And from the tribe of Benjamin they gave Gibeon and Geba with their grass-lands;
καὶ παρὰ τῆς φυλῆς βενιαμιν τὴν γαβαων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ γαθεθ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 18 lavil Anatòt, lavil Almon ansanm ak tout savann pou bèt yo. Sa te fè kat lavil.
Anathoth and Almon with their grass-lands, four towns.
καὶ αναθωθ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ γαμαλα καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις τέσσαρες
- 19 Antou yo te pran trèz lavil ak tout savann pou bèt yo bay prèt yo, moun fanmi Arawon yo.
Thirteen towns with their grass-lands were given to the children of Aaron, the priests.
πᾶσαι αἱ πόλεις υἱῶν ααρων τῶν ἱερέων δέκα τρεῖς
- 20 Lòt moun ki te rete nan fanmi Keyat la, moun Levi ki pa t' ankò jwenn anyen yo, resewva lavil ki te nan pòsyon tè yo te bay moun branch fanmi Efrayim yo.
The rest of the families of the children of Kohath, the Levites, were given towns from the tribe of Ephraim.
καὶ τοῖς δήμοις υἱοῖς καθ τοῖς λευίταις τοῖς καταλειμμένοις ἀπὸ τῶν υἱῶν καθ καὶ ἐγενήθη πόλεις τῶν ὀρίων αὐτῶν ἀπὸ φυλῆς εφραιμ
- 21 Yo te ba yo yon lavil nan mòn peyi Efrayim, lavil Sichèm kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon, ansanm ak tout savann pou bèt yo. Yo te ba yo tou lavil Gezè,
And they gave them Shechem with its grass-lands in the hill-country of Ephraim, the town where the taker of life might be safe, and Gezer with its grass-lands;
καὶ ἔδωκαν αὐτοῖς τὴν πόλιν τοῦ φυγαδευτηρίου τὴν τοῦ φονεύσαντος τὴν συχημ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ γαζαρα καὶ τὰ πρὸς αὐτὴν καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 22 lavil Kibsayim, lavil Bètowon ansanm ak tout savann pou bèt yo. Sa te fè kat lavil sou tè moun branch fanmi Efrayim yo.
And Kibzaim and Beth-horon with their grass-lands, four towns.
καὶ τὴν καρβαϊμ καὶ τὰ ἀφορισμένα τὰ πρὸς αὐτῇ καὶ τὴν ἄνω βαιθωρον καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις τέσσαρες
- 23 Nan pòsyon tè moun branch fanmi Dann yo, yo ba yo kat lavil: lavil Elteke, lavil Gibeton,
And from the tribe of Dan, Elteke and Gibbethon with their grass-lands;
καὶ ἐκ τῆς φυλῆς δαν τὴν ελκωθαμ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τὴν γεθεδαν καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 24 lavil Ajalon, lavil Gat-Rimon, ansanm ak tout savann pou bèt yo.
Aijalon and Gath-rimmon with their grass-lands, four towns.
καὶ αιλων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ γεθερεμμων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις τέσσαρες
- 25 Nan pòsyon tè pou mwatye branch fanmi Manase a, yo ba yo de lavil: lavil Tanak ak lavil Gat-Rimon ansanm ak tout savann pou bèt yo.
And from the half-tribe of Manasseh, Taanach and Gath-rimmon with their grass-lands, two towns.
καὶ ἀπὸ τοῦ ἡμίσεος φυλῆς μανασση τὴν ταναχ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τὴν ιεβαθα καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις δύο

- 26 Antou yo te bay rès moun nan fanmi Keyat la dis lavil ak tout savann pou bèt yo.
All the towns of the rest of the families of the children of Kohath were ten with their grass-lands.
πᾶσαι πόλεις δέκα καὶ τὰ ἀφορισμένα τὰ πρὸς αὐταῖς τοῖς δήμοις υἰῶν καθ' τοὺς ὑπολειμμένους
- 27 Pou moun Levi nan branch fanmi Gèchon yo, yo pran de lavil sou tè ki pou mwatye branch fanmi Manase a, yo ba yo. Se te lavil Golan nan peyi Bazan, yonn nan lavil kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon, ak lavil Bestra ansanm ak tout savann pou bèt yo.
And to the children of Gershon, of the families of the Levites, they gave from the half-tribe of Manasseh, Golan in Bashan with its grass-lands, the town where the taker of life might be safe, and Ashtaroth with its grass-lands, two towns.
καὶ τοῖς υἱοῖς γεδσον τοῖς λευίταις ἐκ τοῦ ἡμίσεως φυλῆς μαναση τὰς πόλεις τὰς ἀφορισμένας τοῖς φονεύσασι τὴν γαυλὼν ἐν τῇ βασανίτιδι καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τὴν βοσοραν καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις δύο
- 28 Yo ba yo kat lavil yo te pran sou tè ki pou branch fanmi Isaka a. Se te lavil Kichyon, lavil Dabera,
And from the tribe of Issachar, Kishion and Daberath with their grass-lands;
καὶ ἐκ τῆς φυλῆς ἰσσαχαρ τὴν κισων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ δεββα καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 29 lavil Jamout, lavil Angannim ansanm ak tout savann pou bèt yo.
Jarmuth and En-gannim with their grass-lands, four towns.
καὶ τὴν ρεμμαθ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ πηγὴν γραμμάτων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις τέσσαρες
- 30 Yo pran kat lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Asè a ba yo. Se te lavil Micheyal, lavil Abdon,
And from the tribe of Asher, Mishal and Abdon, with their grass-lands:
καὶ ἐκ τῆς φυλῆς ασηρ τὴν βασελλαν καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ δαββων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ
- 31 lavil Elkat, lavil Reyòb ansanm ak tout savann pou bèt yo.
Helkath and Rehob with their grass-lands, four towns.
καὶ χελκατ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ ρααβ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις τέσσαρες
- 32 Yo pran twa lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Nèftali a ba yo tou. Se te lavil Kadès nan peyi Galile, yonn nan lavil kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon, lavil Amot-Dò, lavil Katan ansanm ak tout savann pou bèt yo.
And from the tribe of Naphtali, Kedesh in Galilee with its grass-lands, the town where the taker of life might be safe, and Hammoth-dor and Kartan with their grass-lands, three towns.
καὶ ἐκ τῆς φυλῆς νεφθαλι τὴν πόλιν τὴν ἀφορισμένην τῷ φονεύσαντι τὴν καδεσ ἐν τῇ γαλιλαία καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ τὴν εμμαθ καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ καὶ θεμμων καὶ τὰ ἀφορισμένα αὐτῇ πόλεις τρεῖς
- 33 Sa te fè antou trèz lavil ansanm ak tout savann pou bèt yo te bay moun fanmi Gèchon yo.
All the towns of the Gershonites with their families were thirteen with their grass-lands.
πᾶσαι αἱ πόλεις τοῦ γεδσον κατὰ δήμους αὐτῶν πόλεις δέκα τρεῖς
- 34 Pou rès moun Levi ki nan branch fanmi Merari a, yo pran kat lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Zabulon an ba yo. Se te lavil Jokneyam, lavil Kata,
And to the rest of the Levites, that is, the families of the children of Merari, they gave from the tribe of Zebulun, Jokneam and Kartah with their grass-lands;
καὶ τῷ δήμῳ υἰῶν μεραρι τοῖς λευίταις τοῖς λοιποῖς ἐκ τῆς φυλῆς υἰῶν ζαβουλον τὴν μααν καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς καὶ τὴν καθης καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς
- 35 lavil Dimna, lavil Nalal ansanm ak tout savann pou bèt yo.
Dimnah and Nahalal with their grass-lands, four towns.
καὶ δεμνα καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς καὶ σελλα καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς πόλεις τέσσαρες
- 36 Apre sa, yo pran kat lavil nan pòsyon tè lòt bò larivyè Jouden ki pou moun branch fanmi Woubenn lan ba yo. Se te lavil Bezè, yonn nan lavil kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon nan dezè sou platon an, lavil Jatsa,
And from the tribe of Reuben, Bezer and Jahaz with their grass-lands;
καὶ πέραν τοῦ ἰορδάνου τοῦ κατὰ ἱεριχω ἐκ τῆς φυλῆς ρουβην τὴν πόλιν τὸ φυγαδευτήριον τοῦ φονεύσαντος τὴν βοσορ ἐν τῇ ἐρήμῳ τῇ μισωρ καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς καὶ τὴν ιαζηρ καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς
- 37 lavil Kedemòt, lavil Mefat ansanm ak tout savann pou bèt yo.
Kedemoth and Mephaath with their grass-lands, four towns.
καὶ τὴν δεκμων καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς καὶ τὴν μαφα καὶ τὰ περισπόρια αὐτῆς πόλεις τέσσαρες

- 38 Yo ba yo kat lòt lavil nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Gad la. Se te lavil Ramòt-Galarad, yonn nan lavil kote moun ki touye moun ka kouri al chache pwoteksyon, lavil Manayim, **And from the tribe of Gad, Ramoth in Gilead, the town where the taker of life might be safe, and Mahanaim with their grass-lands;**
καὶ ἀπὸ τῆς φυλῆς γαδ τὴν πόλιν τὸ φυγαδευτήριον τοῦ φονεύσαντος τὴν ραμωθ ἐν τῇ γαλααδ καὶ τὰ περισπῶρια αὐτῆς καὶ τὴν καμιν καὶ τὰ περισπῶρια αὐτῆς
- 39 lavil Esbon, lavil Jazè ansanm ak tout savann pou bèt yo. **Heshbon and Jazer with their grass-lands, four towns.**
καὶ τὴν εσεβων καὶ τὰ περισπῶρια αὐτῆς καὶ τὴν ιαζηρ καὶ τὰ περισπῶρια αὐτῆς αἱ πᾶσαι πόλεις τέσσαρες
- 40 Antou sa te fè douz lavil ki te vin pou rèz moun Levi yo, pou moun fanmi Merari yo separe bay chak fanmi pa yo apa. **All these towns were given to the children of Merari by their families, that is, the rest of the families of the Levites; and their heritage was twelve towns.**
πᾶσαι πόλεις τοῖς υἱοῖς μεραρι κατὰ δῆμους αὐτῶν τῶν καταλειμμένων ἀπὸ τῆς φυλῆς λευι καὶ ἐγενήθη τὰ ὅρια πόλεις δέκα δύο
- 41 Se konsa, yo te pran karantwit lavil ansanm ak tout savann pou bèt nan mitan tè ki te pou moun Izrayèl yo, yo bay moun Levi yo. **All the towns of the Levites, among the heritage of the children of Israel, were forty-eight towns with their grass-lands.**
πᾶσαι αἱ πόλεις τῶν λευιτῶν ἐν μέσῳ κατασχέσεως υἱῶν ἰσραηλ τεσσαράκοντα ὀκτὼ πόλεις καὶ τὰ περισπῶρια αὐτῶν
- 42 Chak lavil sa yo te mache ak tout savann pou bèt yo. **Every one of these towns had grass-lands round it.**
κύκλῳ τῶν πόλεων τούτων πόλις καὶ τὰ περισπῶρια κύκλῳ τῆς πόλεως πάσαις ταῖς πόλεσιν ταύταις [42a] καὶ συνετέλεσεν ἰησοῦς διαμερίσας τὴν γῆν ἐν τοῖς ὀρίοις αὐτῶν [42β] καὶ ἔδωκαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ μερίδα τῷ ἰησοῖ κατὰ πρόσταγμα κυρίου ἔδωκαν αὐτῷ τὴν πόλιν ἣν ἠτήσατο τὴν θαμνασαραχ ἔδωκαν αὐτῷ ἐν τῷ ὄρει εφραϊμ [42ξ] καὶ ὀκοδόμησεν ἰησοῦς τὴν πόλιν καὶ ὄκησεν ἐν αὐτῇ [42δ] καὶ ἔλαβεν ἰησοῦς τὰς μαχαίρας τὰς πετρίνας ἐν αἷς περιέτεμεν τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ τοὺς γενομένους ἐν τῇ ὁδῷ ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ ἔθηκεν αὐτὰς ἐν θαμνασαραχ
- 43 ¶ Se konsa, Seyè a te bay pèp Izrayèl la peyi li te pwomèt li t'ap bay zansèt yo a. Yo pran tout peyi a pou yo, yo rete ladan l'. **So the Lord gave to Israel all the land which he gave by oath to their fathers; so it became their heritage and their living-place.**
καὶ ἔδωκεν κύριος τῷ ἰσραηλ πᾶσαν τὴν γῆν ἣν ὤμοσεν δοῦναι τοῖς πατράσιν αὐτῶν καὶ κατεκληρονόμησαν αὐτὴν καὶ κατόκησαν ἐν αὐτῇ
- 44 Seyè a te fè yo gen lapè sou tout fwontyè yo, jan li te pwomèt zansèt yo. Ankenn lènmi pa t' resi kenbe tèt ak yo. Seyè a te lage tout lènmi yo nan men yo. **And the Lord gave them peace on every side, as he had said to their fathers: all those who were against them gave way before them, for the Lord gave them all up into their hands.**
καὶ κατέπαυσεν αὐτοὺς κύριος κυκλόθεν καθότι ὤμοσεν τοῖς πατράσιν αὐτῶν οὐκ ἀνέστη οὐθεὶς κατενόπιον αὐτῶν ἀπὸ πάντων τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν πάντας τοὺς ἐχθροὺς αὐτῶν παρέδωκεν κύριος εἰς τὰς χεῖρας αὐτῶν
- 45 Seyè a te kenbe dènye pwomès li te fè pèp Izrayèl la. Tout bagay te pase jan l' te pwomèt la. **The Lord kept faith with the house of Israel about all the good which he said he would do for them, and all his words came true.**
οὐ διέπεσεν ἀπὸ πάντων τῶν ῥημάτων τῶν καλῶν ὧν ἐλάλησεν κύριος τοῖς υἱοῖς ἰσραηλ πάντα παρεγένετο
- 1 ¶ Lè sa a, Jozye fè rele tout moun nan branch fanmi Woubenn, nan branch fanmi Gad ak nan mwatye branch fanmi Manase a, li reyini yo, **Then Joshua sent for the Reubenites and the Gadites and the half-tribe of Manasseh,**
τότε συνεκάλεσεν ἰησοῦς τοὺς υἱοὺς ρουβην καὶ τοὺς υἱοὺς γαδ καὶ τὸ ἕμισυ φυλῆς μανασση
- 2 li di yo: -Nou fè tou sa Moyiz, sèvitè Seyè a, te ban nou lòd fè a. Nou te koute m' chak fwa mwen te mande nou fè kichòy. **And said to them, You have kept all the orders of Moses, the Lord's servant, and have done everything I gave you orders to do:**
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ὑμεῖς ἀκηκόατε πάντα ὅσα ἐνετείλατο ὑμῖν μωυσῆς ὁ παῖς κυρίου καὶ ἐπηκούσατε τῆς φωνῆς μου κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλαμην ὑμῖν
- 3 Depi nan konmansman rive jòdè a, nou pa lage moun pèp Izrayèl parèy nou yo, nou te fè tou sa Seyè a, Bondye nou an, te mande nou fè. **You have now been with your brothers for a long time; till this day you have been doing the orders of the Lord your God.**
οὐκ ἐγκαταλειπίπατε τοὺς ἀδελφοὺς ὑμῶν ταύτας τὰς ἡμέρας καὶ πλείους ἕως τῆς σήμερον ἡμέρας ἐφυλάξασθε τὴν ἐντολὴν κυρίου τοῦ θεοῦ ὑμῶν
- 4 Koulye a, Seyè a, Bondye nou an, ba yo lapè jan li te di yo a. Se konsa, nou mèt tounen al lakay nou, nan peyi ki pou nou an, peyi Moyiz, sèvitè Seyè a, te ban nou lòt bò larivyè Jouden. **And now the Lord your God has given your brothers rest, as he said: so now you may go back to your tents, to the land of your heritage, which Moses, the Lord's servant, gave to you on the other side of Jordan.**
νῦν δὲ κατέπαυσεν κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν τοὺς ἀδελφοὺς ὑμῶν ὃν τρόπον εἶπεν αὐτοῖς νῦν οὖν ἀποστραφέντες ἀπέλθατε εἰς τοὺς οἴκους ὑμῶν καὶ εἰς τὴν γῆν τῆς κατασχέσεως ὑμῶν ἣν ἔδωκεν ὑμῖν μου σῆς ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου

- 5 Sèl bagay n'ap mande nou, se pou nou obeyi kòmandman ak lalwa Moyiz, sèvitè Seyè a, te ban nou an. Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an. Se pou nou toujou mache nan chemen li mete devan nou an. Se pou nou fè tou sa l' mande nou fè. Se pou nou kenbe pye l' fèm. Se pou nou sèvi l' ak tout kè nou ak tout nanm nou.
Only take great care to do the orders and the law which Moses, the Lord's servant, gave you; to have love for the Lord your God and to go in all his ways; and to keep his laws and to be true to him and to be his servants with all your heart and with all your soul.
ἀλλὰ φυλάξαθε ποιεῖν σφόδρα τὰς ἐντολάς καὶ τὸν νόμον ὃν ἐνετείλατο ἡμῖν ποιεῖν μουσῆς ὁ παῖς κυρίου ἀγαπᾶν κύριον τὸν θεὸν ὑμῶν πορεύεσθαι πάσαις ταῖς ὁδοῖς αὐτοῦ φυλάξασθαι τὰς ἐντολάς αὐτοῦ καὶ προσκεῖσθαι αὐτῷ καὶ λατρεύειν αὐτῷ ἐξ ὅλης τῆς διανοίας ὑμῶν καὶ ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς ὑμῶν
- 6 Apre sa, Jozye ba yo benediksyon, li voye yo ale. Epi, y' al lakay yo.
Then Joshua gave them his blessing and sent them away: and they went back to their tents.
καὶ ἠλόγησεν αὐτοὺς ἰησοῦς καὶ ἐξάπεστειλεν αὐτοὺς καὶ ἐπορεύθησαν εἰς τοὺς οἴκους αὐτῶν
- 7 Moyiz te pran peyi Bazan an, li te bay mwatye nan branch fanmi Manase a. Jozye menm te bay lòt mwatye branch fanmi an yon pòsyon tè nan peyi ki sou bò solèy kouche larivyè Jouden an ansanm ak lòt branch fanmi pèp la. Lè Jozye t'ap voye premye mwatye moun Manase yo ale lakay yo, lè li fin beni yo,
Now to the one half of the tribe of Manasseh, Moses had given a heritage in Bashan; but to the other half, Joshua gave a heritage among their brothers on the west side of Jordan. Now when Joshua sent them away to their tents, he gave them his blessing,
καὶ τῷ ἡμίσει φυλῆς μανασση ἔδωκεν μουσῆς ἐν τῇ βασανίτιδι καὶ τῷ ἡμίσει ἔδωκεν ἰησοῦς μετὰ τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου παρὰ θάλασσαν καὶ ἡνίκα ἐξάπεστειλεν αὐτοὺς ἰησοῦς εἰς τοὺς οἴκους αὐτῶν καὶ εἰλόγησεν αὐτούς
- 8 li di yo konsa: -N'ap tounen lakay nou avèk anpil richès, avèk anpil bèt, avèk anpil bagay fèt an ajan, an lò, an kwiv, an fè, ansanm ak anpil rad. Separe avèk moun pèp Izrayèl parèy nou yo tou sa nou te pran nan men lènmi nou yo nan lagè.
And said to them, Go back with much wealth to your tents, and with very much cattle, with silver and gold and brass and iron, and with a very great store of clothing; give your brothers a part of the goods taken in the war.
καὶ ἐν χρήμασιν πολλοῖς ἀπήλθοσαν εἰς τοὺς οἴκους αὐτῶν καὶ κτήνη πολλὰ σφόδρα καὶ ἀργύριον καὶ χρυσίον καὶ σίδηρον καὶ ἱματισμὸν πολὺν καὶ διεύαντο τὴν προνομήν τῶν ἐχθρῶν μετὰ τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν
- 9 Se konsa, moun branch fanmi Woubenn yo, moun branch fanmi Gad yo ak mwatye moun nan branch fanmi Manase yo tounen tounen yo lakay yo. Yo kite rès pèp Izrayèl la lavil Silo nan peyi Kanaran, y' al nan peyi Galarad, nan peyi yo te ba yo a, dapre lòd Seyè a te bay Moyiz pou yo.
So Reuben and Gad and the half-tribe of Manasseh went back, parting from the children of Israel at Shiloh in the land of Canaan, to go to the land of Gilead, to the land of their heritage which had been given to them by the Lord's order to Moses.
καὶ ἐπορεύθησαν οἱ υἱοὶ ρουβην καὶ οἱ υἱοὶ γαδ καὶ τὸ ἡμισυ φυλῆς υἰῶν μανασση ἀπὸ τῶν υἰῶν ἰσραηλ ἐκ σηλω ἐν γῆ χανααν ἀπελθεῖν εἰς γῆν γαλααδ εἰς γῆν κατασχέσεως αὐτῶν ἣν ἐκληρονόμησαν αὐτὴν διὰ προστάγματος κυρίου ἐν χειρὶ μουσῆ
- 10 ¶ Lè moun Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase yo rive devan larivyè Jouden, sou bò peyi Kanaran an, yo bati yon kokenn chenn lotèl sou rivaj la.
Now when they came to the country by Jordan in the land of Canaan, the children of Reuben and the children of Gad and the half-tribe of Manasseh put up there, by Jordan, a great altar, seen from far.
καὶ ἦλθον εἰς γαλγαλα τοῦ ἰορδάνου ἣ ἐστὶν ἐν γῆ χανααν καὶ ᾠκοδόμησαν οἱ υἱοὶ γαδ καὶ οἱ υἱοὶ ρουβην καὶ τὸ ἡμισυ φυλῆς μανασση ἐκεῖ βωμὸν ἐπὶ τοῦ ἰορδάνου βωμὸν μέγαν τοῦ ἰδεῖν
- 11 Lòt moun pèp Izrayèl yo vin konn sa. Moun te vin di yo: -Men moun Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase yo bati yon lotèl toupre larivyè Jouden sou fwontyè peyi Kanaran an, sou bò peyi moun Izrayèl yo.
And news came to the children of Israel, See, the children of Reuben and the children of Gad and the half-tribe of Manasseh have put up an altar opposite the land of Canaan, in the country by Jordan on the side which is Israel's.
καὶ ἤκουσαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ λεγόντων ἰδοὺ ᾠκοδόμησαν οἱ υἱοὶ γαδ καὶ οἱ υἱοὶ ρουβην καὶ τὸ ἡμισυ φυλῆς μανασση βωμὸν ἐφ' ὀρίων γῆς χανααν ἐπὶ τοῦ γαλααδ τοῦ ἰορδάνου ἐν τῷ πέραν υἰῶν ἰσραηλ
- 12 Lè pèp Izrayèl la vin konn sa, tout moun sanble lavil Silo pou y' al gouden ak moun Woubenn yo, moun Gad yo ak lòt mwatye moun Manase yo.
Then all the meeting of the children of Israel, hearing this, came together at Shiloh to go up against them to war.
καὶ συνηθροίσθησαν πάντες οἱ υἱοὶ ἰσραηλ εἰς σηλω ὥστε ἀναβάντες ἐκπολεμήσαι αὐτούς
- 13 Moun pèp Izrayèl yo voye Fineas, pitit gason Eleaza, prèt la, bò kote moun Woubenn yo, moun Gad yo ansanm ak mwatye moun Manase yo nan peyi Galarad.
And the children of Israel sent Phinehas, the son of Eleazar the priest, to the children of Reuben and the children of Gad and the half-tribe of Manasseh, to the land of Gilead,
καὶ ἀπέστειλαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ πρὸς τοὺς υἰοὺς ρουβην καὶ πρὸς τοὺς υἰοὺς γαδ καὶ πρὸς τὸ ἡμισυ φυλῆς μανασση εἰς γῆν γαλααδ τὸν τε φινεας υἰὸν ελεαζαρ υἱοῦ ααρων τοῦ ἀρχιερέως
- 14 Yo te pran dis chèf, yonn pou chak branch fanmi pèp Izrayèl la, yo voye yo avèk Fineas. Chèf sa yo, se moun ki te alatèt branch fanmi pèp Izrayèl yo.
And with him they sent ten chiefs, one for every tribe of the children of Israel, every one of them the head of his house among the families of Israel.
καὶ δέκα τῶν ἀρχόντων μετ' αὐτοῦ ἄρχων εἷς ἀπὸ οἴκου πατριᾶς ἀπὸ πασῶν φυλῶν ἰσραηλ ἄρχοντες οἴκων πατριῶν εἰσὶν χιλίарχοι ἰσραηλ

- 15 Se konsa, mesye sa yo rive bò moun Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase yo nan peyi Galarad, epi yo di yo:
And they came to the children of Reuben and the children of Gad and the half-tribe of Manasseh, to the land of Gilead, and said to them,
 και παρεγένοντο πρὸς τοὺς υἱοὺς γαδ και πρὸς τοὺς υἱοὺς ρουβην και πρὸς τοὺς ἡμίσεις φυλῆς μαναση εἰς γῆν γαλααδ και ἐλάλησαν πρὸς αὐτοὺς λέγοντες
- 16 -Men sa tout moun pèp Izrayèl yo voye di nou: Ki bagay lèd sa a nou fè konsa kont Bondye pep Izrayèl la? Poukisa jòdi a nou vire do bay Seyè a, n' al bati yon lotèl pou tèt pa nou? Poukisa nou leve kont Seyè a jòdi a?
This is what all the meeting of the people of the Lord has said, What is this wrong which you have done against the God of Israel, turning back this day from the Lord and building an altar for yourselves, and being false to the Lord?
 τὰδε λέγει πᾶσα ἡ συναγωγὴ κυρίου τίς ἡ πλημμέλεια αὕτη ἣν ἐπλημελήσατε ἐναντίον τοῦ θεοῦ ἰσραηλ ἀποστραφῆναι σήμερον ἀπὸ κυρίου οἰκοδομήσαντες ὑμῖν ἐαυτοῖς βωμὸν ἀποστάτας ὑμᾶς γενέσθαι ἀπὸ κυρίου
- 17 Chonje peche nou te fè bò Peyò a, lè Seyè a te pini pèp li a. Jouk koulye a n'ap soufri pou bagay sa a toujou. Sa pa kont toujou.
Was not the sin of Baal-peor great enough, from which we are not clear even to this day, though punishment came on the people of the Lord,
 μὴ μικρὸν ἡμῖν τὸ ἁμάρτημα φογῶρ ὅτι οὐκ ἐκαθαρίσθημεν ἀπ' αὐτοῦ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης και ἐγενήθη πληγὴ ἐν τῇ συναγωγῇ κυρίου
- 18 Men jòdi a, n'ap vire do bay Seyè a ankò. Si nou leve kont Seyè a jòdi a, denmen se sou tout pèp Izrayèl la li pral fache.
That now you are turned back from the Lord? and, because you are false to him today, tomorrow his wrath will be let loose on all the people of Israel.
 και ὑμεῖς ἀποστραφήσεσθε σήμερον ἀπὸ κυρίου και ἔσται ἐάν ἀποστήτε σήμερον ἀπὸ κυρίου και αὔριον ἐπὶ πάντα ἰσραηλ ἔσται ἡ ὀργή
- 19 Si nou wè peyi yo ban nou an pa bon pou fè sèvis Bondye, pito nou vin bò isit la nan peyi Seyè a, kote kay Seyè a ye a. Mande pou yo ban nou yon pòsyon pou nou ladan l'. Men, pa leve kont Seyè a, ni pa vire do ban nou. Piga nou kite lotèl Seyè a, Bondye nou an, pou n' al bati yon lotèl.
But if the land you now have is unclean, come over into the Lord's land where his House is, and take up your heritage among us: but do not be false to the Lord and to us by building yourselves an altar in addition to the altar of the Lord our God.
 και νῦν εἰ μικρὰ ὑμῖν ἡ γῆ τῆς κατασχέσεως ὑμῶν διάβητε εἰς τὴν γῆν τῆς κατασχέσεως κυρίου οὗ κατασκηνοῖ ἐκεῖ ἡ σκηνὴ κυρίου και κατακληρονομήσατε ἐν ἡμῖν και μὴ ἀποστάται ἀπὸ θεοῦ γενήθητε και μὴ ἀπόστητε ἀπὸ κυρίου διὰ τὸ οἰκοδομήσαι ὑμᾶς βωμὸν ἕξω τοῦ θυσιαστηρίου κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν
- 20 Chonje Akan, pitit gason Zera a, lè li te derefize swiv lòd Seyè a te bay pou bagay nou te fèt pou detwi nèt yo. Lè sa a, se tout pèp Izrayèl la nèt wi, Seyè a te pini. Se pa Akan sèlman ki te peye pou sa l' te fè a.
Did not Achan, the son of Zerach, do wrong about the cursed thing, causing wrath to come on all the people of Israel? And not on him only came the punishment of death.
 οὐκ ἰδοὺ αχαρ ὁ τοῦ ζαρα πλημμελεῖα ἐπλημμέλησεν ἀπὸ τοῦ ἀναθέματος και ἐπὶ πᾶσαν συναγωγὴν ἰσραηλ ἐγενήθη ὀργή και οὗτος εἰς μόνος ἦν μὴ μόνος οὗτος ἀπέθανεν τῇ ἐαυτοῦ ἁμαρτία
- 21 ¶ Lè sa a, moun Woubenn yo, moun Gad yo ak mwatye moun Manase yo pran lapawòl, yo reponn chèf fanmi pèp Izrayèl la. Yo di yo:
Then the children of Reuben and the children of Gad and the half-tribe of Manasseh said in answer to the heads of the families of Israel,
 και ἀπεκρίθησαν οἱ υἱοὶ ρουβην και οἱ υἱοὶ γαδ και τὸ ἡμισυ φυλῆς μαναση και ἐλάλησαν τοῖς χιλιάρχοις ἰσραηλ λέγοντες
- 22 -Seyè a, Bondye ki gen plis pouwa pase tout lòt bondye yo, konnen se pa paske nou leve kont li, ni paske nou vle vire do ba li kifè nou bati lotèl sa a. Li konnen sa, epi se pou l' fè pèp Izrayèl la konn sa tou. Si se pou rezon sa yo nou te moute lotèl sa a, se pou l' kite yo touye nou jòdi a menm.
God, even God the Lord, God, even God the Lord, he sees, and Israel will see--if it is in pride or in sin against the Lord,
 ὁ θεὸς θεὸς ἐστὶν κύριος και ὁ θεὸς θεὸς κύριος αὐτὸς οἶδεν και ἰσραηλ αὐτὸς γνώσεται εἰ ἐν ἀποστασίᾳ ἐπλημμέλησαμεν ἐναντι τοῦ κυρίου μὴ ῥύσαιτο ἡμᾶς ἐν ταύτῃ
- 23 Si nou bati lotèl sa a pou nou vire do bay Seyè a, pou nou ka gen lotèl pa nou pou boule bèt n'ap ofri yo sou li, oswa pou fè lòt ofrann jaden nou yo, osinon ofrann pou di Bondye mèsi, se pou Seyè a mande nou kont pou sa nou fè a.
That we have made ourselves an altar, being false to the Lord, keep us not safe from death this day; and if for the purpose of offering burned offerings on it and meal offerings, or peace-offerings, let the Lord himself send punishment for it;
 και εἰ ὀκοδομήσαμεν αὐτοῖς βωμὸν ὥστε ἀποστήναι ἀπὸ κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν ὥστε ἀναβιβάσαι ἐπ' αὐτὸν θυσίαν ὀλοκαυτωμάτων ἢ ὥστε ποιῆσαι ἐπ' αὐτοῦ θυσίαν σωτηρίου κύριος ἐκζητήσεται
- 24 Pou di vre, nou te fè l' paske nou te pè pou denmen pitit pitit nou menm moun pèp Izrayèl bò lòt bò a pa di pitit pitit pa nou yo bò isit la: Nou pa gen anyen pou nou wè ak Seyè a.
And if we have not, in fact, done this designedly and with purpose, having in our minds the fear that in time to come your children might say to our children, What have you to do with the Lord, the God of Israel?
 ἀλλ' ἔνεκεν εὐλαβείας ῥήματος ἐποιήσαμεν τοῦτο λέγοντες ἵνα μὴ εἰπωσιν αὔριον τὰ τέκνα ὑμῶν τοῖς τέκνοις ἡμῶν τί ὑμῖν κυρίῳ τῷ θεῷ ἰσραηλ
- 25 Seyè a mete larivyè Jouden an tankou yon limit nan mitan pèp Izrayèl la yon bò ak moun Woubenn yo ak moun Gad yo yon bò. Se sa ki fè moun Woubenn yo ak moun Gad yo pa gen anyen pou yo wè ak Seyè a. Konsa pitit moun pèp Izrayèl yo va lakòz pitit moun Woubenn yo ak pitit moun Gad yo sispann gen krentif pou Seyè a.
For the Lord has made Jordan a line of division between us and you, the children of Reuben and the children of Gad; you have no part in the Lord: so your children will make our children give up fearing the Lord.
 και ὅρια ἔθηκεν κύριος ἀνά μέσον ἡμῶν και ὑμῶν τὸν ἰορδάνην και οὐκ ἔστιν ὑμῖν μερίς κυρίου και ἀπαλλοτριώσουσιν οἱ υἱοὶ ὑμῶν τοὺς υἱοὺς ἡμῶν ἵνα μὴ σέβωνται κύριον

- 26 Lè sa a nou di: Bon! Nou pral bati yon lotèl, nou pa pral boule ofrann ni touye ankenn bèt sou li.
So we said, Let us now make an altar for ourselves, not for burned offerings or for the offerings of beasts:
 και εἶπαμεν ποιῆσαι οὕτως τοῦ οἰκοδομηῆσαι τὸν βωμὸν τοῦτον οὐχ ἕνεκεν καρπωμάτων οὐδὲ ἕνεκεν θυσιῶν
- 27 Sèlman, se pou lotèl sa a sèvi yon mak pou nou tout ki la koulye a ak pou pitit nou yo, pou fè nou chonje se Seyè a nou sèvi avèk ofrann boule nou yo, avèk bèt nou touye yo, avèk ofrann pou di Bondye mèsì nou yo. Konsa denmen, pitit moun pèp Izrayèl yo p'ap ka di pitit pa nou yo: Wi, nou pa gen anyen pou nou wè ak Seyè a.
But to be a witness between us and you, and between the future generations, that we have the right of worshipping the Lord with our burned offerings and our offerings of beasts and our peace-offerings; so that your children will not be able to say to our children in time to come, You have no part in the Lord.
 ἀλλ' ἴνα ᾗ τοῦτο μαρτύριον ἀνά μέσον ἡμῶν καὶ ὑμῶν καὶ ἀνά μέσον τῶν γενεῶν ἡμῶν μεθ' ἡμᾶς τοῦ λατρεύειν λατρείαν κυρίου ἐναντίον αὐτοῦ ἐν τοῖς καρπώμασιν ἡμῶν καὶ ἐν ταῖς θυσίαις ἡμῶν καὶ ἐν ταῖς θυσίαις τῶν σωτηρίων ἡμῶν καὶ οὐκ ἐροῦσιν τὰ τέκνα ὑμῶν τοῖς τέκνοις ἡμῶν αὐριον οὐκ ἔστιν ἡμῖν μερίς κυρίου
- 28 Nou te fè lide si yon jou yon moun ta vin di nou bagay konsa, osinon ta vin pale konsa ak pitit nou yo, n'a ka reponn yo: Gade! Men lotèl zansèt nou yo te bati. Li pòtre ak lotèl Seyè a. Se pa t' pou boule ofrann, ni pou touye ankenn bèt sou li. Men, se te yon mak pou fè nou tout chonje sak te pase!
For we said to ourselves, If they say this to us or to future generations, then we will say, See this copy of the Lord's altar which our fathers made, not for burned offerings or offerings of beasts, but for a witness between us and you.
 και εἶπαμεν ἐὰν γένηται ποτε καὶ λαλήσωσιν πρὸς ἡμᾶς καὶ ταῖς γενεαῖς ἡμῶν αὐριον καὶ ἐροῦσιν ἴδετε ὁμοίωμα τοῦ θυσιαστηρίου κυρίου ὃ ἐποίησαν οἱ πατέρες ἡμῶν οὐχ ἕνεκεν καρπωμάτων οὐδὲ ἕνεκεν θυσιῶν ἀλλὰ μαρτύριόν ἐστιν ἀνά μέσον ὑμῶν καὶ ἀνά μέσον ἡμῶν καὶ ἀνά μέσον τῶν υἱῶν ἡμῶν
- 29 Nou pa janm fè lide leve kont Seyè a, ni vire do ba li. Nou pa bati yon lotèl jòdi a pou nou boule bèt nou yo, ni pou fè ofrann jaden nou yo, ni pou touye bèt nou ofri yo. Nou p'ap janm bati yon lotèl ki pou ranplase lotèl Seyè a, Bondye nou an, ki kanpe devan kay kote l' rete a.
Never let it be said that we were false to the Lord, turning back this day from him and building an altar for burned offerings and meal offerings and offerings of beasts, in addition to the altar of the Lord our God which is before his House.
 και εἶπεν πρὸς αὐτὸν γεδεων ἐν ἐμοὶ κύριε ἐν τίνι σώσω τὸν ἰσραηλ ἰδοὺ ἡ χιλιάς μου ταπεινότερα ἐν μανασση καὶ ἐγὼ εἰμι μικρὸς ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς μου
- 16 Seyè a di l': -Ou ka fè l', paske m'ap kanpe la avè ou. Ou pral kraze moun Madyan yo tankou si se te yon sèl moun yo te ye.
Then the Lord said to him, Truly, I will be with you, and you will overcome the Midianites as if they were one man.
 και εἶπεν πρὸς αὐτὸν ὁ ἄγγελος κυρίου κύριος ἐστὶ μετὰ σοῦ καὶ πατάξεις τὴν μαδιαμ ὥσει ἄνδρα ἓνα
- 17 Jedeyon reponn: -Si reyèlman vre ou vle fè m' favè sa a, ban m' yon prèy se ou menm tout bon k'ap pale avè m' la a.
So he said to him, If now I have grace in your eyes, then give me a sign that it is you who are talking to me.
 και εἶπεν πρὸς αὐτὸν γεδεων καὶ εἰ εὔρον χάριν ἐν ὀφθαλμοῖς σου καὶ ποιήσεις μοι σημεῖον ὅτι σὺ λαλεῖς μετ' ἐμοῦ
- 18 Tanpri, pa deplase kote ou ye a jouk m'a pote yon ofrann mete nan pye ou. Li reponn: -M'ap rete la tann ou.
Do not go away till I come with my offering and put it before you. And he said, I will not go away before you come back.
 μη κινηθῆς ἐντεῦθεν ἕως τοῦ ἔλθειν με πρὸς σέ καὶ οἶσθε τὴν θυσίαν μου καὶ θήσω ἐνώπιόν σου καὶ εἶπεν ἐγὼ εἰμι καθήσομαι ἕως τοῦ ἐπιστρέψαι σε

- 19 Se konsa, Jedeyon antre, li kwit yon jenn ti kabrit. Li pran yon mamit farin frans, li fè pen san li pa mete ledven ladan l'. Li mete vyann lan nan yon ti panyen, li mete sòs vyann lan nan yon gode, li pote yo bay zanj Seyè a anba pye chenn lan. Li lonje yo ba li.
Then Gideon went in and made ready a young goat, and with an ephah of meal he made unleavened cakes: he put the meat in a basket and the soup in which it had been cooked he put in a pot, and he took it out to him under the oak-tree and gave it to him there.
καὶ γεδεων εἰσηλθεν καὶ ἐποίησεν ἔριφον αἰγῶν καὶ οἰφι ἀλεύρου ἄζυμα καὶ τὰ κρέα ἐπέθηκεν ἐπὶ τὸ κανοῦν καὶ τὸν ζωμὸν ἐνέχεεν εἰς χύτραν καὶ ἐξήνεγκεν πρὸς αὐτὸν ὑπὸ τὴν ὄρν καὶ προσεκύνησεν
- 20 Zanj lan di l': -Mete vyann lan ak pen yo sou gwo wòch ou wè la a, epi vide sòs la sou yo. Jedeyon fè sa vre.
And the angel of God said to him, Take the meat and the unleavened cakes and put them down on the rock over there, draining out the soup over them. And he did so.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν ὁ ἄγγελος κυρίου λαβὲ τὰ κρέα καὶ τοὺς ἄρτους τοὺς ἄζύμους καὶ θές πρὸς τὴν πέτραν ἐκεῖνην καὶ τὸν ζωμὸν ἔκχεον καὶ ἐποίησεν οὕτως
- 21 Zanj Seyè a leve baton ki te nan men l' lan, li lonje l', li manyen vyann lan ak pen yo ak pwent baton an. Yon dife soti nan wòch la, li boule tout vyann lan ak pen yo. Epi, lamenm zanj Seyè a disparèt devan li.
Then the angel of the Lord put out the stick which was in his hand, touching the meat and the cakes with the end of it; and a flame came up out of the rock, burning up the meat and the cakes: and the angel of the Lord was seen no longer.
καὶ ἐξέτεινεν ὁ ἄγγελος κυρίου τὸ ἄκρον τῆς ῥάβδου τῆς ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ ἤψατο τῶν κρεῶν καὶ τῶν ἄζύμων καὶ ἀνήφθη πῦρ ἐκ τῆς πέτρας καὶ κατέφαγεν τὰ κρέα καὶ τοὺς ἄζύμους καὶ ὁ ἄγγελος κυρίου ἀπῆλθεν ἐξ ὀφθαλμῶν αὐτοῦ
- 22 Lè Jèdeyon wè se zanj Seyè a menm ki te parèt devan l', li di: -Bondye Seyè o! Gade malè ki rive m' non! Mwen wè zanj Seyè a fas pou fas!
Then Gideon was certain that he was the angel of the Lord; and Gideon said, I am in fear, O Lord God! for I have seen the angel of the Lord face to face.
καὶ εἶδεν γεδεων ὅτι ἄγγελος κυρίου ἐστὶν καὶ εἶπεν γεδεων ἃ ἃ κύριε κύριε ὅτι εἶδον τὸν ἄγγελον κυρίου πρόσωπον πρὸς πρόσωπον
- 23 Men, Seyè a di l' konsa: -Ou pa bezwen pè. Poze san ou. Ou p'ap mouri pou sa.
But the Lord said to him, Peace be with you; have no fear: you are in no danger of death.
καὶ εἶπεν αὐτῷ κύριος εἰρήνη σοι μὴ φοβοῦ μὴ ἀποθάνῃς
- 24 Jedeyon bati yon lotèl pou Seyè a la menm. Epi li rele l': Seyè a bay kè poze. Jouk jòdi a lotèl la la nan ti bouk Ofra a, sou pwopryete ki pou moun Abyezè yo.
Then Gideon made an altar there to the Lord, and gave it the name Yahweh-shalom; to this day it is in Ophrah of the Abiezrites.
καὶ ὀικοδομήσεν ἐκεῖ γεδεων θουσιαστήριον τῷ κυρίῳ καὶ ἐκάλεσεν αὐτὸ εἰρήνη κυρίου ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης ἔτι αὐτοῦ ὄντος ἐν εφραθα πατρὸς τοῦ εζρι
- 25 ¶ Menm jou lannwit sa a, Seyè a di Jedeyon konsa: -Pran towò bèf papa ou la, ansanm ak yon lòt towò ki gen sètan. Kraze lotèl papa ou te fè pou Baal la. Koupe potò Achera ki bò kote l' la.
The same night the Lord said to him, Take ten men of your servants and an ox seven years old, and after pulling down the altar of Baal which is your father's, and cutting down the holy tree by its side,
καὶ ἐγενήθη τῇ νυκτὶ ἐκεῖνη καὶ εἶπεν αὐτῷ κύριος λαβὲ τὸν μόσχον τὸν σιτευτὸν τοῦ πατρὸς σου μόσχον τὸν ἑπταετῆ καὶ καθελεῖς τὸ θουσιαστήριον τοῦ βααλ ὃ ἐστὶν τοῦ πατρὸς σου καὶ τὸ ἄλσος τὸ ἐπ' αὐτῷ ἐκκόψεις
- 26 Moute sou ti bit sa a, bati yon lotèl pou Seyè a, Bondye ou la, jan yo konn fè l' la. Lèfini, pran dezyèm towò a, boule l' nèt sou lotèl la pou mwen nan dife w'a fè avèk moso potò Achera ou te koupe a.
Make an altar to the Lord your God on the top of this rock, in the ordered way and take the ox and make a burned offering with the wood of the holy tree which has been cut down.
καὶ οἰκοδομήσεις θουσιαστήριον κυρίῳ τῷ θεῷ σου τῷ ὀφθέντι σοι ἐπὶ τῆς κορυφῆς τοῦ ὄρους μαωζ τούτου ἐν τῇ παρατάξει καὶ λήμψη τὸν μόσχον καὶ ἀνοίσεις ὀλοκαῦτωμα ἐν τοῖς ξύλοις τοῦ ἄλσους οὗ ἐκκόψεις
- 27 Jedeyon pran dis nan domestik li yo, epi li fè tou sa Seyè a te di l' fè. Men, li te pè fanmi l' yo ak lòt moun yo ki rete nan lavil la. Li pa t' fè sa lajounen, l' al fè l' lannwit.
Then Gideon took ten of his servants and did as the Lord had said to him; but fearing to do it by day, because of his father's people and the men of the town, he did it by night.
καὶ ἔλαβεν γεδεων τρεῖς καὶ δέκα ἄνδρας ἀπὸ τῶν δούλων αὐτοῦ καὶ ἐποίησεν καθὰ ἐλάλησεν πρὸς αὐτὸν κύριος καὶ ἐγένετο ὡς ἐφοβήθη τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ τοὺς ἄνδρας τῆς πόλεως μὴ ποιῆσαι ἡμέρας καὶ ἐποίησεν νυκτός
- 28 Lè mesye yo ki rete nan lavil la leve granmaten, yo wè lotèl Baal la kraze, potò Achera a koupe, epi dezyèm towò a menm boule sou lotèl yo te bati la a.
And the men of the town got up early in the morning, and they saw the altar of Baal broken down, and the holy tree which was by it cut down, and the ox offered on the altar which had been put up there.
καὶ ὄρθρισαν οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως τὸ πρωὶ καὶ ἰδοὺ κατεσκευαμένον τὸ θουσιαστήριον τοῦ βααλ καὶ τὸ ἄλσος τὸ ἐπ' αὐτῷ ἐκκεκομμένον καὶ ὁ μόσχος ὁ σιτευτὸς ἀνηνεγμένος εἰς ὀλοκαῦτωμα ἐπὶ τὸ θουσιαστήριον τὸ ὀικοδομημένον
- 29 Yonn di lòt: Ki moun ki fè sa, en? Yo tonbe chache, yo t'ap mande moun ki jan sa fè fèt. Yo vin konnen se Jedeyon, pitit Joas la, ki te fè sa.
And they said to one another, Who has done this thing? And after searching with care, they said, Gideon, the son of Joash, has done this thing.
καὶ εἶπεν ἀνὴρ πρὸς τὸν πλησίον αὐτοῦ τίς ἐποίησεν τὸ πρᾶγμα τοῦτο καὶ ἀνιτάζον καὶ ἐξεζήτηον καὶ εἶπαν γεδεων ὁ υἱὸς ἰωας ἐποίησεν τὸ πρᾶγμα τοῦτο

- 30 Mesye yo al di Joas konsa: -Fè pitit gason ou lan soti vin jwenn nou isit la. Se pou n' touye l'! Li kraze lotèl Baal la, epi li koupe gwo poto Achera ki te bò kote l' la.
Then the men of the town said to Joash, Make your son come out to be put to death, for pulling down the altar of Baal and cutting down the holy tree which was by it.
καὶ εἶπαν οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως πρὸς ἰωᾶς ἐξάγαγε τὸν υἱόν σου καὶ ἀποθανέτω ὅτι κατέσκαψεν τὸ θυσιαστήριον τοῦ βααλ καὶ ὅτι ἔκοψεν τὸ ἅλσος τὸ ἐπ' αὐτῷ
- 31 Joas reponn tout moun ki te kanpe devan l' yo. Li di yo: -Anhan! Se nou ki pou goumen pou Baal? Se nou ki pou defann li? Enben, moun ki vle goumen pou Baal gen pou l' mourri anvan solèy leve. Si Baal se yon bondye vre, se li ki pou defann tèt li. Se lotèl li a yo kraze!
But Joash said to all those who were attacking him, Will you take up the cause of Baal? will you be his saviour? Let anyone who will take up his cause be put to death while it is still morning: if he is a god, let him take up his cause himself because of the pulling down of his altar.
καὶ εἶπεν ἰωᾶς πρὸς τοὺς ἄνδρας τοὺς ἐσταμένους ἐπ' αὐτόν μὴ ὑμεῖς νῦν δικάζεσθε περὶ τοῦ βααλ ἢ ὑμεῖς σφύζετε αὐτόν ὅς ἀντεδίκησεν αὐτόν ἀποθानεῖται ἕως πρωὶ εἰ ἔστιν θεὸς αὐτὸς ἐκδικήσει αὐτὸν ὅτι κατέσκαψεν τὸ θυσιαστήριον αὐτοῦ
- 32 Depi jou sa a yo rele Jedeyon Jewoubaal paske Joas te di: Kite Baal koresponn ak li, paske se lotèl Baal la li te kraze.
So that day he gave him the name of Jerubbaal, saying, Let Baal take up his cause against him because his altar has been broken down.
καὶ ἐκάλεσεν αὐτὸ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ δικαστήριον τοῦ βααλ ὅτι κατέσκαψεν τὸ θυσιαστήριον αὐτοῦ
- 33 ¶ Lè sa a, tout moun Madyan yo, tout moun Amalèk yo ak tout moun k'ap viv nan dezè a bò solèy leve yo mete tèt ansanm, yo janbe lòt bò lariyè Jouden an, yo moute kan yo nan plenn Jizreyèl la.
Then all the Midianites and the Amalekites and the people of the east, banding themselves together, went over and put up their tents in the valley of Jezreel.
καὶ πᾶσα μαδιαμ καὶ αμαληκ καὶ υἱοὶ ἀνατολῶν συνήχθησαν ἐπὶ τὸ αὐτὸ καὶ διεβησαν καὶ παρενέβαλον ἐν τῇ κοιλάδι ἰεζραελ
- 34 Lespri Seyè a desann sou Jedeyon. Li souffle nan yon kòn belye mouton, li rele tout gason nan fanmi Abyezè a vin jwenn li.
But the spirit of the Lord came on Gideon; and at the sound of his horn all Abiezer came together after him.
καὶ πνεῦμα θεοῦ ἐνέδυσεν τὸν γεδεων καὶ ἐσάλπισεν ἐν κερατίνῃ καὶ ἐβόησεν ἀβιεζερ ὀπίσω αὐτοῦ
- 35 Apre sa, li voye mesajè nan tout peyi Manase a al rele moun yo pou yo vin jwenn li tou. Li voye mesajè nan peyi Asè, nan peyi Zabilon ak nan peyi Neftali. Tout moun sa yo moute vin jwenn li.
And he sent through all Manasseh, and they came after him; and he sent to Asher and Zebulun and Naphtali, and they came up and were joined to the others.
καὶ ἀγγέλους ἐξαπέστειλεν ἐν παντὶ μανασση καὶ ἐβόησεν καὶ αὐτὸς ὀπίσω αὐτοῦ καὶ ἐξαπέστειλεν ἀγγέλους ἐν ἀσηρ καὶ ἐν ζαβουλον καὶ ἐν νεφθαλι καὶ ἀνέβησαν εἰς συνάντησιν αὐτοῦ
- 36 Lè sa a, Jedeyon di Bondye konsa: -Si se ou menm vre ki vle sèvi avè m' pou delivre pèp Izrayèl la,
Then Gideon said to God, If you are going to give Israel salvation by my hand, as you have said,
καὶ εἶπεν γεδεων πρὸς τὸν θεόν εἰ σφύζεις ἐν τῇ χειρὶ μου τὸν ἰσραηλ ὃν τρόπον ἐλάλησας
- 37 men mwen mete yon moso lenn sou glasi a. Si denmen maten mwen wè gen lawouze sou moso lenn lan sèlman epi tout rèss glasi a chèch, lè sa a m'a konnen se ou menm vre ki pral sèvi avè m' pou delivre pèp Izrayèl la.
See, I will put the wool of a sheep on the grain-floor; if there is dew on the wool only, while all the earth is dry, then I will be certain that it is your purpose to give Israel salvation by my hand as you have said.
ἰδοὺ ἐγὼ ἀπερείδομαι τὸν πόκον τῶν ἐρίων ἐν τῷ ἅλωνι καὶ ἐὰν δρόσος γένηται ἐπὶ τὸν πόκον μόνον καὶ ἐπὶ πᾶσαν τὴν γῆν ξηρασία καὶ γνῶσομαι ὅτι σφύζεις ἐν τῇ χειρὶ μου τὸν ἰσραηλ ὃν τρόπον ἐλάλησας
- 38 Se sa ki te rive vre. Nan denmen maten, lè Jedeyon leve byen bonè, li tòde moso lenn lan, li wete dlo ladan l' kont pou ta plen yon bòl.
And it was so: for he got up early on the morning after, and twisting the wool in his hands, he got a basin full of water from the dew on the wool.
καὶ ἐγένετο οὕτως καὶ ὄρθρισεν γεδεων τῇ ἐπαύριον καὶ ἀπεπίασεν τὸν πόκον καὶ ἀπερρῆ ἢ δρόσος ἐκ τοῦ πόκου πλήρης λεκάνῃ ὕδατος
- 39 Lèfini, Jedeyon di Bondye ankò: -Tanpri, pa fache sou mwen non! Kite m' di ou yon dènye bagay. Kite m' fè esperyans moso lenn lan yon lòt fwa ankò. Men, fwa sa a se pou moso lenn lan rete chèch, epi pou lawouze sou tout glasi a.
Then Gideon said to God, Do not be moved to wrath against me if I say only this: let me make one more test with the wool; let the wool now be dry, while the earth is covered with dew.
καὶ εἶπεν γεδεων πρὸς τὸν θεόν μὴ ὀργισθῆτω ὁ θυμὸς σου ἐν ἐμοὶ καὶ λαλήσω ἔτι ἅπαξ καὶ πειράσω ἔτι ἅπαξ ἐν τῷ πόκῳ καὶ γενηθήτω ξηρασία ἐπὶ τὸν πόκον μόνον ἐπὶ δὲ πᾶσαν τὴν γῆν γενηθήτω δρόσος
- 40 Jou lannwit sa a, Bondye fè sa konsa vre: moso lenn lan te rete byen chèch, men te gen lawouze sou tout glasi a.
And that night God did so; for the wool was dry, and there was dew on all the earth round it.
καὶ ἐποίησεν ὁ θεὸς οὕτως ἐν τῇ νυκτὶ ἐκείνῃ καὶ ἐγένετο ξηρασία ἐπὶ τὸν πόκον μόνον ἐπὶ δὲ πᾶσαν τὴν γῆν ἐγένετο δρόσος

- 1 ¶ Jewoubaal, ki vle di Jedeyon, leve granmaten ansanm ak tout moun ki te avè l' yo, y' al moute kan yo bò Sous Awòd la. Moun Madyan yo menm te moute kan pa yo nan tout plenn lan, nan pye mòn More, sou bò nò kan Jedeyon an.
Then Jerubbaal, that is, Gideon, and all the people with him, got up early and put up their tents by the side of the water-spring of Harod; the tents of Midian were on the north side of him, under the hill of Moreh in the valley.
καὶ ὄρθρισεν ιεροβααλ αὐτὸς ἐστὶν γεδεων καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ καὶ παρενέβαλεν ἐπὶ τὴν γῆν αρωεδ καὶ παρεμβολή μαδιαμ καὶ αμαλικ ἦν αὐτῷ ἀπὸ βορρᾶ ἀπὸ τοῦ βουνοῦ τοῦ αβωρ ἐν τῇ κοιλίᾳ
- 2 Seyè a di Jedeyon konsa: -Ou gen twòp moun avè ou pou m' kite ou kraze moun Madyan yo! Moun pèp Izrayèl yo va mete nan tèt yo se yo menm ak pwòp fòs kouraj yo ki delivre peyi yo a, yo p'ap vle kwè se mwen menm ki fè sa pou yo.
And the Lord said to Gideon, So great is the number of your people, that if I give the Midianites into their hands they will be uplifted in pride over me and will say, I myself have been my saviour.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς γεδεων πολὺς ὁ λαὸς ὁ μετὰ σοῦ ὥστε μὴ παραδοῦναι με τὴν μαδιαμ ἐν χειρὶ αὐτῶν μήποτε καυχῆσθαι ἰσραηλ ἐπ' ἐμὲ λέγων ἡ χεὶρ μου ἔσωσέν με
- 3 Koulye a, pale ak tout pèp la. Di yo konsa: Si gen moun ki pè, k'ap tranble, yo mèt al fè wout yo lakay yo, kite nou sou mòn Gilboa a. Se konsa venndemil (22.000) moun al lakay yo. Te rete dimil (10.000).
So now, let it be given out to the people that anyone who is shaking with fear is to go back from Mount Galud. So twenty-two thousand of the people went back, but there were still ten thousand.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς αὐτὸν λάλησον δὴ εἰς τὰ ὄτα τοῦ λαοῦ λέγων τίς δειλὸς καὶ φοβούμενος ἀποστραφήτω καὶ ἐξώρμησαν ἀπὸ τοῦ ὄρους τοῦ γαλααδ καὶ ἀπεστράφησαν ἀπὸ τοῦ λαοῦ εἴκοσι καὶ ὀχθὸ χιλιάδες καὶ ἕκα χιλιάδες ὑπελείφθησαν
- 4 Seyè a di Jedeyon ankò: -Gen twòp moun toujou. Fè yo tout desann bò larivyè a. M'a separe yo la pou ou. Moun m'a di ou ki pou ale avè ou yo va ale. Moun m'a di ou ki pa pou ale avè ou yo va rete.
Then the Lord said to Gideon, There are still more people than is necessary; take them down to the water so that I may put them to the test for you there; then whoever I say is to go with you will go, and whoever I say is not to go will not go.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς γεδεων ἐτι ὁ λαὸς πολὺς κατάγαγε αὐτοὺς εἰς τὸ ὕδωρ καὶ δοκιμῶ αὐτούς σοι ἐκεῖ καὶ ἔσται ὃν ἐὰν εἶπω πρὸς σέ οὗτος πορεύσεται μετὰ σοῦ αὐτὸς πορεύσεται μετὰ σοῦ καὶ ὃν ἐὰν εἶπω σοι οὐ πορεύσεται μετὰ σοῦ αὐτὸς οὐ πορεύσεται μετὰ σοῦ
- 5 Jedeyon fè tout mesye yo desann bò larivyè a. Epi Seyè a di Jedeyon konsa: -Tout moun w'a wè k'ap lape dlo tankou chen, w'a mete yo yon bò, tout moun w'a wè ki va kwoupri pou bwè dlo, w'a mete yo yon lòt bò.
So he took the people down to the water; and the Lord said to Gideon, Put on one side by themselves all those drinking up the water with their tongues like a dog; and in the same way, all those who go down on their knees to the water while drinking.
καὶ κατεβίβασεν τὸν λαὸν εἰς τὸ ὕδωρ καὶ εἶπεν κύριος πρὸς γεδεων πᾶς ὃς ἂν λάσῃ τῇ γλῶσση αὐτοῦ ἐκ τοῦ ὕδατος ὡς ἐὰν λάσῃ ὁ κύων στήσεις αὐτὸν κατὰ μόνας καὶ πᾶς ὃς ἂν κάμψῃ ἐπὶ τὰ γόνατα αὐτοῦ τοῦ πιεῖν μεταστήσεις αὐτὸν καθ' αὐτόν
- 6 Te gen twasan (300) gason ki te pran dlo nan pla men yo epi ki t'ap lape dlo a. Tout rès yo te kwoupri pou bwè dlo.
Now the number of those who took up the water with their tongues was three hundred; all the rest of the people went down on their knees to the water.
καὶ ἐγένετο πᾶς ὁ ἀριθμὸς τῶν λαψάντων ἐν τῇ γλῶσση αὐτῶν τριακόσιοι ἄνδρες καὶ πᾶς ὁ ἐπίλοιπος τοῦ λαοῦ ἔκαμψαν ἐπὶ τὰ γόνατα αὐτῶν τοῦ πιεῖν ὕδωρ
- 7 Seyè a di Jedeyon! -Se avèk twasan nèg sa yo ou wè ki te lape dlo a mwen pral delivre nou. Mwen pral lage moun Madyan yo nan men ou. Kite tout lòt yo ale lakay yo.
And the Lord said to Gideon, By those three hundred who were drinking with their tongues I will give you salvation and give the Midianites into your hands; let the rest of the people go away, every man to his place.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς γεδεων ἐν τοῖς τριακοσίοις ἀνδράσιν τοῖς λάψασιν σώσω ὑμᾶς καὶ παραδώσω τὴν μαδιαμ ἐν χειρὶ σου καὶ πᾶς ὁ λαὸς ἀποτρεχέτω ἀνὴρ εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ
- 8 Yo pran tout pwovizyon lòt moun yo te genyen ansanm ak twonpèt yo, yo kenbe yo pou yo. Lèfini, Jedeyon voye tout rès moun pèp Izrayèl yo ale lakay yo. Li fè twasan (300) moun yo rete ak li sou mòn lan. Moun Madyan yo menm te anba nan plenn lan.
So they took the vessels of the people, and their horns from their hands, and he sent them away, every man to his tent, keeping only the three hundred; and the tents of Midian were lower down in the valley.
καὶ ἔλαβον τὸν ἐπισιτισμὸν τοῦ λαοῦ ἐν τῇ χειρὶ αὐτῶν καὶ τὰς κερατίνας αὐτῶν καὶ πάντα ἄνδρα ἰσραηλ ἐξαπέστειλεν ἄνδρα εἰς τὸ σκηνώμα αὐτοῦ τῶν δὲ τριακοσίων ἀνδρῶν ἐκράτησεν ἡ δὲ παρεμβολὴ μαδιαμ ἦν ὑποκάτωθεν αὐτοῦ ἐν τῇ κοιλίᾳ
- 9 ¶ Jou lannwit sa a, Seyè a di Jedeyon konsa: -Leve non! Desann al atake kan moun Madyan yo. Mwen lage yo nan men ou.
The same night the Lord said to him, Up! go down now against their army, for I have given them into your hands.
καὶ ἐγενήθη ἐν τῇ νυκτὶ ἐκείνῃ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν κύριος ἀνάστα κατάβηθι τὸ τάχος ἐντεῦθεν εἰς τὴν παρεμβολὴν ὅτι παρέδωκα αὐτὴν ἐν τῇ χειρὶ σου
- 10 Men si ou pè atake, desann bò kan moun Madyan yo ansanm ak Poura, domestik ou a.
But if you have fear of going down, take your servant Purah with you and go down to the tents;
εἰ δὲ φοβῆ σὺ καταβῆναι κατάβηθι σὺ καὶ φαρα τὸ παιδάριον σου εἰς τὴν παρεμβολὴν

- 11 W'a tande sa y'ap di. Lè sa a, w'a pran kouraj epi w'a desann al atake yo. Se konsa Jedeyon desann ansanm ak Poura, domestik li a, li rive toupre avanpòs kan an.
And after hearing what they are saying, you will get strength to go down against the army. So he went down with his servant Purah to the outer line of the tents of the armed men.
καὶ ἀκούσῃ τί λαλοῦσιν καὶ μετὰ ταῦτα ἰσχύσουσιν αἱ χεῖρές σου καὶ καταβήσῃ ἐν τῇ παρεμβολῇ καὶ κατέβη αὐτὸς καὶ φαρα τὸ παιδᾶριον αὐτοῦ εἰς μέρος τῶν πενήκοντα τῶν ἐν τῇ παρεμβολῇ
- 12 Moun Madyan yo, moun Amalèk yo ak moun k'ap viv nan dezè bò solèy leve yo te kouvri tout plenn lan, tankou desen krikèt vèt nan jaden. Chamo yo te genyen, moun pa t' ka konte sa, menm jan yo pa ka konte grenn sab bò lanmè.
Now the Midianites and the Amalekites and all the people of the east were covering the valley like locusts; and their camels were like the sand by the seaside, without number.
καὶ μαδιαμ καὶ αμαληκ καὶ πάντες οἱ υἱοὶ ἀνατολῶν παρεμβεβλήκεισαν ἐν τῇ κοιλάδι ὡς ἀκρις εἰς πλῆθος καὶ ταῖς καμήλοις αὐτῶν οὐκ ἦν ἀριθμὸς ἀλλ' ἦσαν ὥσπερ ἡ ἄμμος ἢ ἐπὶ τὸ χεῖλος τῆς θαλάσσης εἰς πλῆθος
- 13 Lè Jedeyon rive, li jwenn yon nonm ki t'ap rakonte yon zanmi l' yon rèv li te fè. Li t'ap di l' konsa: -Monchè, mwen fè yon rèv: Mwen wè yon pen won fèt ak farin lòj ki t'ap woule nan mitan kan an. Epi li rive, l' al frape sou tant lan. Tant lan chavire, li tonbe plat atè.
When Gideon came there, a man was giving his friend an account of his dream, saying, See, I had a dream about a cake of barley bread which, falling into the tents of Midian, came on to the tent, overturning it so that it was stretched out flat on the earth.
καὶ εἰσῆλθεν γεδεων καὶ ἰδοὺ ἀνὴρ ἐξηγεῖτο τῷ πλησίον αὐτοῦ τὸ ἐνύπνιον καὶ εἶπεν ἰδοὺ τὸ ἐνύπνιον ὃ ἠνυπνιάσθην καὶ ἰδοὺ μαγὶς ἄρτου κριθίνου κυλιομένη ἐν τῇ παρεμβολῇ μαδιαμ καὶ ἦλθεν ἔως τῆς σκηνῆς μαδιαμ καὶ ἐπάταξεν αὐτήν καὶ κατέστρεψεν αὐτήν καὶ ἔπεσεν ἡ σκηνή
- 14 Zanmi an reponn li: -Boul pen won an, se nepe Jedeyon, pitit Joas la, nonm pèp Izrayèl la. Sa pa vle di lòt bagay! Bondye lage moun Madyan yo ak tout lame a nan men l'.
And his friend in answer said, This is certainly the sword of Gideon, the son of Joash, the men of Israel: into their hands God has given up all the army of Midian.
καὶ ἀπεκρίθη ὁ πλησίον αὐτοῦ καὶ εἶπεν οὐκ ἔστιν αὕτη ἀλλ' ἡ ῥομφαία γεδεων υἱοῦ ἰωας ἀνδρὸς ἰσραηλ παρέδωκεν κύριος ἐν χειρὶ αὐτοῦ τὴν μαδιαμ καὶ πᾶσαν τὴν παρεμβολήν
- 15 Lè Jedeyon tande rèv la ak esplikasyon yo ba li a, li lage kò l' atè devan Bondye. Apre sa, li leve, li tounen nan kan moun pèp Izrayèl yo. Li di yo: -Ann ale! Seyè a lage kan moun Madyan yo nan men nou.
Then Gideon, hearing the story of the dream and the sense in which they took it, gave worship; then he went back to the tents of Israel, and said, Up! for the Lord has given the army of Midian into your hands.
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν γεδεων τὴν διήγησιν τοῦ ἐνυπνίου καὶ τὴν σύγκρισιν αὐτοῦ καὶ προσεκύνησεν κύριον καὶ ἐπέστρεψεν εἰς τὴν παρεμβολήν ἰσραηλ καὶ εἶπεν ἀνάστητε ὅτι παρέδωκεν κύριος ἐν χερσίν ὑμῶν τὴν παρεμβολήν μαδιαμ
- 16 ¶ Li pran twasan mesye yo, li fè twa gwoup. Li bay chak moun yon twonpèt ak yon krich vid. Lèfini, li ba yo chak yon bwa chandèl pou mete nan krich la.
Then separating the three hundred men into three bands, he gave every man a horn, and a vessel in which was a flaming branch.
καὶ διεῖλεν τοὺς τριακοσίους ἀνδρας τρεῖς ἀρχὰς καὶ ἔδωκεν κερατίνας ἐν χειρὶ πάντων καὶ ὑδρίας κενὰς καὶ λαμπάδας ἐν μέσῳ τῶν ὑδριῶν
- 17 Epi li di yo: -Se pou tout moun gade sou mwen pou wè sa m'ap fè. Lè n'a rive toupre kan an, tou sa n'a wè m' fè, n'a fè l' tou.
And he said to them, Keep your eyes on me, and do what I do; when I come to the outer line of tents, whatever I do, you are to do the same.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς ἀπ' ἐμοῦ ὄψεσθε καὶ οὕτως ποιήσετε καὶ ἰδοὺ ἐγὼ εἰσπορεύομαι ἐν μέσῳ τῆς παρεμβολῆς καὶ ἔσται ὡς ἐὰν ποιήσω οὕτως ποιήσετε
- 18 N'a fè wonn kan an. Lè m'a kònen twonpèt ansanm ak tout moun ki avè m' yo, nou menm tou n'a kònen twonpèt. Epi n'a rele: Annavan pou Seyè a ak pou Jedeyon!
At the sound of my horn, and the horns of those who are with me, let your horns be sounded all round the tents, and say, For the Lord and for Gideon.
καὶ σαλπιῶ τῇ κερατίνῃ ἐγὼ καὶ πάντες οἱ μετ' ἐμοῦ καὶ σαλπιεῖτε ταῖς κερατίναις καὶ ὑμεῖς κύκλῳ τῆς παρεμβολῆς καὶ ἐρεῖτε τῷ κυρίῳ καὶ τῷ γεδεων
- 19 Lè Jedeyon rive toupre kan an ansanm ak san moun ki te avè l' yo, li te prèt pou menwit. Yo te fenk chanje faksyonnè. Yo pran kònen twonpèt yo epi yo kraze krich yo te gen nan men yo.
So Gideon and the three hundred men who were with him came to the outer line of tents, at the start of the middle watch, when the watchmen had only then taken their stations; and the horns were sounded and the vessels broken.
καὶ εἰσῆλθεν γεδεων καὶ ἑκατὸν ἀνδρες μετ' αὐτοῦ ἐν μέρει τῆς παρεμβολῆς ἀρχομένης τῆς φυλακῆς τῆς μεσοῦσης πλὴν ἐγέρσει ἠγείρειν τοὺς φυλάσσοντας καὶ ἐσάλπισαν ταῖς κερατίναις καὶ ἐξέτιναξάν τὰς ὑδρίας τὰς ἐν ταῖς χερσίν αὐτῶν
- 20 Tou twa gwoup moun yo pran kònen twonpèt ansanm epi yo kraze krich yo. Yo kenbe bwa chandèl yo nan men gòch yo, twonpèt yo nan men dwat yo pou yo ka kònen yo, epi yo rele: -Ann al gouden pou Seyè a ak pou Jedeyon!
So the three bands all gave a loud note on their horns, and when the vessels had been broken, they took the flaming branches in their left hands, and the horns in their right hands ready for blowing, crying out, For the Lord and for Gideon.
καὶ ἐσάλπισαν αἱ τρεῖς ἀρχαὶ ἐν ταῖς κερατίναις καὶ συνέτριψαν τὰς ὑδρίας καὶ ἐλάβοντο ἐν τῇ χειρὶ τῇ ἀριστερᾷ αὐτῶν τῶν λαμπάδων καὶ ἐν τῇ χειρὶ τῇ δεξιᾷ αὐτῶν αἱ κερατίναι τοῦ σαλπίζεν καὶ ἀνέκραζαν ῥομφαία τῷ κυρίῳ καὶ τῷ γεδεων
- 21 Yo te kanpe fè wonn kan an, chak moun nan plas yo. Lè sa a tout moun nan kan an pran kouri met deyò, yo t'ap rele byen fò.
Then they made a line round the tents, every man in his place; and all the army, awaking from sleep, came running out, and with loud cries went in flight.
καὶ ἔστησαν ἕκαστος καθ' ἑαυτὸν κύκλῳ τῆς παρεμβολῆς καὶ ἔδραμον πᾶσα ἡ παρεμβολή καὶ ἐσήμαναν καὶ ἔφυγον

- 22 Antan twasan moun Jedeyon yo t'ap kònen twonpèt yo, Seyè a menm t'ap fè moun Madyan yo yonn ap goumen ak lòt. Sa ki chape yo pran kouri nan direksyon Bèt-Chita bò Serera rive jouk bò lavil Abèl Meola, toupre Tabat.
And the three hundred gave a loud note on their horns, and every man's sword was turned by the Lord against his brother all through the army; and the army went in flight as far as Beth-shittah in the direction of Zeredah, to the edge of Abel-meholah by Tabboth.
 και ἐσάλπισαν αἱ τριακόσαιοι κερατῖναι καὶ ἔθετο κύριος μάχαιραν ἀνδρὸς ἐν τῷ πλησίον αὐτοῦ καὶ ἐν ὅλῃ τῇ παρεμβολῇ καὶ ἔφυγεν ἡ παρεμβολή ἕως τῆς βαιθασηττα καὶ συνηγμένη ἕως χειλούς αβελ μεουλα καὶ ἐπὶ ταβθ
- 23 ¶ Lè sa a yo rele tout gason nan branch fanmi Neftali a, nan branch fanmi Asè a ak nan tout branch fanmi Manase a, epi yo pran kouri dèyè moun Madyan yo.
And the men of Israel came together from Naphtali and from Asher and all Manasseh, and went after Midian.
 και ἐβόησεν ἀνὴρ ἰσραηλ ἐκ νεφθαλιμ καὶ ἐξ ασηρ καὶ ἐκ παντὸς μανασση καὶ κατεδίωξαν ὀπίσω μαδιαμ
- 24 Jedeyon menm voye mesaje nan tout mòn Efrayim yo pou di mesye yo: -Desann, vin goumen ak moun Madyan yo. Al bare yo bò dlo a sou tout longè larivyè Jouden an jouk Bèt-Bara pou anpeche yo pase. Tout moun Efrayim yo reyini vre. Epi y' al bare wout la sou bò dlo a sou tout longè larivyè Jouden an jouk Bèt-Bara.
Then Gideon sent through all the hill-country of Ephraim saying, Come down against Midian, and keep the ways across Jordan before they come. So all the men of Ephraim, massing themselves together, kept the ways across Jordan.
 και ἀγγέλους ἐξαπέστειλεν γεδεων ἐν παντὶ ὀρίῳ εφραιμ λέγων κατάβητε εἰς συνάντησιν μαδιαμ καὶ καταλάβετε ἑαυτοῖς τὸ ὕδωρ ἕως βαιθβηρα καὶ τὸν ἰορδάνην καὶ ἐβόησεν πᾶς ἀνὴρ εφραιμ καὶ πρὸς οκατελάβοντο τὸ ὕδωρ ἕως βαιθβηρα καὶ τὸν ἰορδάνην
- 25 Yo mete men sou Orèb ak Zeyèb, de nan chèf moun Madyan yo. Yo touye Orèb sou Wòch Orèb la, Zeyèb nan basen rezen Zeyèb la. Apre sa, yo kouri toujou dèyè moun Madyan yo. Lèfini, yo pote tèt Orèb ak tèt Zeyèb bay Jedeyon ki te sou bò solèy leve larivyè Jouden an.
And they took the two chiefs of Midian, Oreb and Zeeb; and they put Oreb to death at the rock of Oreb, and Zeeb they put to death at the place of the grape-crushing in Zeeb, and they went after Midian; but the heads of Oreb and Zeeb they took across Jordan to Gideon.
 και συνέλαβον τοὺς δύο ἄρχοντας μαδιαμ τὸν ὠρηβ καὶ τὸν ζηβ καὶ ἀπέκτειναν τὸν ὠρηβ ἐν σουριν καὶ τὸν ζηβ ἀπέκτειναν ἐν ιακεφζηβ καὶ κατεδίωξαν μαδιαμ καὶ τὴν κεφαλὴν ὠρηβ καὶ ζηβ ἤνεγκα ν πρὸς γεδεων ἐκ τοῦ πέραν τοῦ ἰορδάνου
- 1 ¶ Moun fanmi Efrayim yo di Jedeyon konsa: -Poukisa ou pa t' rele nou depi lè ou tapral goumen ak moun peyi Madyan yo? Poukisa ou fè nou sa? Yo te fache anpil sou li.
And the men of Ephraim came and said to him, Why did you not send for us when you went to war against Midian? And they said sharp and angry words to him.
 και εἶπεν πρὸς αὐτὸν ἀνὴρ εφραιμ τί τὸ ῥῆμα τοῦτο ἐποίησας ἡμῖν τοῦ μὴ καλέσαι ἡμᾶς ὅτε ἐξεπορεύου πολεμήσαι ἐν τῇ μαδιαμ καὶ ἐκρίνοντο μετ' αὐτοῦ κραταιῶς
- 2 Men, li di yo: -Sa m' fè a pa ka parèt devan sa nou menm nou fè a! Ti sa nou menm moun Efrayim yo, nou fè a pi plis pase sa nou menm ti fanmi Abyezè a, nou fè!
And he said to them, What have I done in comparison with you? Is not that which Ephraim took up after the grape-cutting better than all the grapes which Abiezer got in from the grape-cutting?
 και εἶπεν πρὸς αὐτούς τί ἐποίησα νῦν καθὼς ὑμεῖς οὐχὶ κρείττω ἐπιφυλλίδες εφραιμ ἢ τρυγητὸς αβιεζερ
- 3 Bondye lage Orèb ak Zeyèb, de chèf moun Madyan yo, nan men nou. Kisa mwen fè ki ka parèt devan sa? Fini li fin di yo sa, mesye Efrayim yo pa fache sou li ankò.
God has given into your hands the chiefs of Midian, Oreb and Zeeb; what have I been able to do in comparison with you? And when he said this, their feeling about him became kinder.
 ἐν χειρὶ ὑμῶν παρέδωκεν κύριος τοὺς ἄρχοντας μαδιαμ τὸν ὠρηβ καὶ τὸν ζηβ καὶ τί ἠδυνάσθην ποιῆσαι καθὼς ὑμεῖς καὶ κατέπαυσαν τότε ἀνῆκε τὸ πνεῦμα αὐτῶν ἀπ' αὐτοῦ ἐν τῷ λαλῆσαι αὐτὸν τὸν λόγον τοῦτον
- 4 ¶ Jedeyon rive bò larivyè Jouden an avèk twasan mesye ki te avè l' yo. Yo janbe larivyè a. Apre tout kouri sa a yo te fè dèyè lènmi yo, yo te bouke anpil.
Then Gideon came to Jordan and went over it with his three hundred, overcome with weariness and in need of food.
 και ἦλθεν γεδεων ἐπὶ τὸν ἰορδάνην καὶ διέβη αὐτὸς καὶ οἱ τριακόσαιοι ἄνδρες μετ' αὐτοῦ ὀλιγοψυχοῦντες καὶ πεινῶντες
- 5 Jedeyon pale ak moun lavil Soukòt yo, li di yo: -Tanpri, bay mesye m' yo kèk moso pen pou yo manje. Yo bouke anpil. M'ap kouri dèyè Zebak ak Salmouna, wa moun Madyan yo.
And he said to the men of Succoth, Give bread cakes to my people, for they are overcome with weariness, and I am going on after Zebah and Zalmunna, the kings of Midian.
 και εἶπεν τοῖς ἀνδράσιν σοκχωθ δοτε δὴ ἄρτους τῷ λαῷ τῷ μετ' ἐμοῦ ὅτι πεινῶσιν ἐγὼ δὲ διώκω ὀπίσω ζεβее καὶ σαλμανα βασιλέων μαδιαμ
- 6 Men chèf lavil Soukòt yo di l' konsa: -Poukisa ou vle pou nou bay lame ou la manje! Ala ou poko mete men sou Zebak ak Salmouna!
But the chiefs of Succoth said, Are the hands of Zebah and Zalmunna even now in your hand that we are to give bread to your army?
 και εἶπαν οἱ ἄρχοντες σοκχωθ μὴ χεῖρ ζεβее καὶ σαλμανα νῦν ἐν τῇ χειρὶ σου ὅτι δώσομεν τῇ στρατιᾷ σου ἄρτους
- 7 Jedeyon di yo: -Anhan! Se konsa! Bon! Lè Seyè a va fin lage Zebak ak Salmouna nan men mwen, m'ap tounen pou nou! M'ap filange nou ak fwèt pikan ak chadwon savann.
Then Gideon said, Because of this, when the Lord has given Zebah and Zalmunna into my hands, I will have you stretched on a bed of thorns of the waste land and on sharp stems, and have you crushed as grain is crushed on a grain-floor.
 και εἶπεν γεδεων οὐχ οὕτως ἐν τῷ δοῦναι κύριον τὸν ζεβее καὶ σαλμανα ἐν τῇ χειρὶ μου καὶ καταζανῶ τὰς σάρκας ὑμῶν ἐν ταῖς ἀκάνθαις τῆς ἐρήμου καὶ ἐν ταῖς βαρκοννιμ

- 8 Li kite lavil Soukòt, li moute lavil Penyèl. Li mande yo menm bagay la. Men, moun lavil Penyèl yo reponn li tankou moun lavil Soukòt yo.
So he went up from there to Penuel and made the same request to the men of Penuel; but they gave him the same answer as the men of Succoth had given.
καὶ ἀνέβη ἐκεῖθεν εἰς φανουηλ καὶ ἐλάλησεν πρὸς αὐτοὺς κατὰ ταῦτα καὶ ἀπεκρίθησαν αὐτῷ οἱ ἄνδρες φανουηλ ὃν τρόπον ἀπεκρίθησαν αὐτῷ οἱ ἄνδρες σοκχωθ
- 9 Jedeyon di yo: -Mwen gen pou m' tounen apre batay la! Lè sa a, m'ap kraze gwo fò won sa a.
So he said to the men of Penuel, When I come back in peace, I will have this tower broken down.
καὶ εἶπεν τοῖς ἀνδράσιν φανουηλ λέγων ἐν τῷ ἐπιστρέφειν με μετ' εἰρήνης κατασκάψω τὸν πύργον τοῦτον
- 10 Zebak ak Salmouna te lavil Kakò avèk tout lame yo. Nan tout kantite sòlda moun dezè yo, te gen sanvenmil (120.000) sòlda ki te mouri. Te rete sèlman kenzmil (15.000) gason.
Now Zebah and Zalmunna were in Karkor and their armies with them, about fifteen thousand men, those of all the army of the children of the east who were still living; for a hundred and twenty thousand of their swordsmen had been put to death.
καὶ ζεβεε καὶ σαλμανα ἐν καρκαρ καὶ ἡ παρεμβολὴ αὐτῶν μετ' αὐτῶν ὥσει πεντεκαίδεκα χιλιάδες οἱ καταλειφθέντες ἐν πάσῃ παρεμβολῇ υἱῶν ἀνατολῶν καὶ οἱ πεπτοκότες ἦσαν ἑκατὸν καὶ εἴκοσι χιλιάδες ἀνδρῶν ἐσπασμένων ῥομφαίαν
- 11 Jedeyon pran wout ki pase nan dezè a, sou bò solèy leve lavil Nobak ak lavil Yogbeya, epi li tonbe sou lame a ki te kwè pa t' gen danje pou yo ankò.
And Gideon went up by the way used by the people living in tents on the east of Nobah and Jogbehah, and made an attack on the army when they had no thought of danger.
καὶ ἀνέβη γεδεων ὁδὸν κατοικούντων ἐν σκηναῖς ἀνατολῶν τῆς ναβεθ ἐξ ἐναντίας ζεβεε καὶ ἐπάταξεν τὴν παρεμβολὴν ἣ δὲ παρεμβολὴ ἦν πεποιθυῖα
- 12 Zebak ak Salmouna, de wa Madyan yo, kouri met deyò. Jedeyon kouri dèyè yo, li mete men sou yo, li gaye tout lame a, li fè yo kraze rak.
And Zebah and Zalmunna went in flight; and he went after them, and took the two kings of Midian, Zebah and Zalmunna, and put all the army to the curse.
καὶ ἔφυγεν ζεβεε καὶ σαλμανα καὶ ἐδίωξεν ὀπίσω αὐτῶν καὶ ἐκράτησεν τοὺς δύο βασιλεῖς μαδιαμ τὸν ζεβεε καὶ τὸν σαλμανα καὶ πᾶσαν τὴν παρεμβολὴν αὐτῶν ἐξέτριψεν
- 13 Lè Jedeyon, pitit Joas la, tounen sot nan lagè a, li pase sou ti mòn Erès la.
Then Gideon, the son of Joash, went back from the fight:
καὶ ἀνέστρεψεν γεδεων υἱὸς ἰωας ἐκ τοῦ πολέμου ἀπὸ ἀναβάσεως αρας
- 14 Li fè yo mete men sou yon jenn gason ki te rete lavil Soukòt epi li keksyonnen l'. Jenn gason an ekri non swasanndisèt moun ki te otorite ak chèf fanmi lavil Soukòt li bay Jedeyon.
And taking prisoner a young man of the people of Succoth, he got from him, in answer to his questions, a list of the chiefs of Succoth and the responsible men, seventy-seven men.
καὶ συνέλαβον παιδάριον ἐκ τῶν ἀνδρῶν σοκχωθ καὶ ἐπηρώτησεν αὐτόν καὶ ἀπεγράψατο πρὸς αὐτοὺς τοὺς ἄρχοντας σοκχωθ καὶ τοὺς πρεσβυτέρους αὐτῆς ἑβδομήκοντα ἐπτὰ ἄνδρας
- 15 Apre sa, Jedeyon al jwenn moun lavil Soukòt yo, li di yo: -Nou chonje jan nou te joure m' pou Zebak ak Salmouna! Nou te di m' nou pa t' ka bay mesye m' yo moso pen pou yo manje atout yo te bouke, paske mwen pa t' ankò mete men sou Zebak ak Salmouna. Men yo tande!
So he came to the men of Succoth and said, Here are Zebah and Zalmunna, on account of whom you made sport of me, saying, Are the hands of Zebah and Zalmunna even now in your hand, that we are to give bread to your army who are overcome with weariness?
καὶ παρεγένετο γεδεων πρὸς τοὺς ἄρχοντας σοκχωθ καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἰδοὺ ζεβεε καὶ σαλμανα δι' οὓς ὠνειδίσατέ με λέγοντες μὴ χεῖρ ζεβεε καὶ σαλμανα νῦν ἐν τῇ χειρὶ σου ὅτι δόσομεν τοῖς ἀνδράσιν σου τοῖς ἐκκελυμένοις ἄρτους
- 16 Lèfini, li pran branch pikan ak chadwon nan savann lan, li bat chèf lavil Soukòt yo byen bat.
Then he took the responsible men of the town and had them crushed on a bed of thorns and sharp stems.
καὶ ἔλαβεν τοὺς ἄρχοντας καὶ τοὺς πρεσβυτέρους τῆς πόλεως καὶ κατέξανε αὐτοὺς ἐν ταῖς ἀκάνθαις τῆς ἐρήμου καὶ ταῖς βαρακηνιμ καὶ κατέξανε ἐν αὐτοῖς ἄνδρας σοκχωθ
- 17 Apre sa, l' al kraze gwo fò won lavil Penwèl la, epi li touye mezi gason ki te rete nan lavil la.
And he had the tower of Penuel broken down and the men of the town put to death.
καὶ τὸν πύργον φανουηλ κατέσκαψεν καὶ ἀπέκτεινεν τοὺς ἄνδρας τῆς πόλεως
- 18 ¶ Lèfini, li di Zebak ak Salmouna: -Moun nou te touye sou mòn Tabò a, ki jan yo te ye? Sa yo te sanble? Yo reponn: -Yo te sanble avè ou. Nou ta di yo tout se pitit wa yo ye.
Then he said to Zebah and Zalmunna, Where are the men whom you put to death at Tabor? And they gave answer, As you are, so were they; every one of them was like a king's son.
καὶ εἶπεν πρὸς ζεβεε καὶ σαλμανα ποῦ οἱ ἄνδρες οὓς ἀπέκτεινάτε ἐν θαβορ καὶ εἶπαν ὥσει σύ ὁμοιος σοὶ ὁμοιος αὐτῶν ὡς εἶδος μορφῆ υἱῶν βασιλέων
- 19 Li di yo: -Se frè m' yo te ye, pitit menm manman avè m'. Mwen fè sèman, devan Bondye ki vivan an, si nou pa t' touye yo, mwen pa ta touye nou tou!
And he said, They were my brothers, my mother's sons: by the life of the Lord, if you had kept them safe, I would not put you to death.
καὶ εἶπεν γεδεων ἀδελφοί μου καὶ υἱοὶ τῆς μητρός μου εἰσιν καὶ ὄμοσεν αὐτοῖς ζῆ κύριος εἰ ἐζωογονήσατε αὐτοὺς οὐκ ἂν ἀπέκτεινα ὑμᾶς
- 20 Epi li di Jetè, premye pitit gason l' lan: -Annavan! Touye yo! Men, jenn gason an pa wete nepe l' nan djenn li. Li te pè paske li te timoun toujou.
Then he said to Jether, his oldest son, Up! Put them to death. But the boy did not take out his sword, fearing because he was still a boy.
καὶ εἶπεν τῷ ἰεθερ τῷ πρωτοτόκῳ αὐτοῦ ἀναστὰς ἀπόκτεινον αὐτοὺς καὶ οὐκ ἔσπασεν τὸ παιδάριον αὐτοῦ τὴν μάχαιραν αὐτοῦ ὅτι ἐφοβήθη ὅτι ἦν νεώτερος

- 21 Lè sa a, Zebak ak Salmouna di: -Annava non, monchè! Se ou menm ki pou touye nou! Se gason tout bon ki pou fè kalite travay konsa. Jedeyon leve vre, li touye Zebak ak Salmouna. Apre sa, li pran tout bijou ki te gen fòm dekou lalen ki te mare nan kou chamo yo.
Then Zebah and Zalmunna said, Up! Put an end to us yourself: for you have a man's strength. Then Gideon got up and put Zebah and Zalmunna to death and took the ornaments which were on their camels' necks.
καὶ εἶπεν ζεβее καὶ σαλμωνα ἀνάστα δὴ σὺ καὶ ἀπάντησον ἡμῖν ὅτι ὡς ἀνὴρ ἡ δύναμις αὐτοῦ καὶ ἀνέστη γεδεων καὶ ἀνείλεν τὸν ζεβее καὶ τὸν σαλμωνα καὶ ἔλαβεν τοὺς μνησκούς τοὺς ἐν τοῖς τραχήλοισι τῶν καμήλων αὐτῶν
- 22 ¶ Apre sa, moun pèp Izrayèl yo di Jedeyon konsa: -Se pou ou vin chèf sou nou, ou menm, pitit ou ak pitit pitit ou apre ou. Paske ou delivre nou anba men moun Madyan yo.
Then the men of Israel said to Gideon, Be our ruler, you and your son and your son's son after him; for you have been our saviour from the hands of Midian.
καὶ εἶπεν ἀνὴρ ἰσραηλ πρὸς γεδεων ἄρχε ἐν ἡμῖν σὺ καὶ οἱ υἱοὶ σου ὅτι σέσωκας ἡμᾶς ἐκ χειρὸς μαδιαμ
- 23 Men, Jedeyon reponn yo: -Mwen p'ap chèf nou, ni pitit mwen p'ap chèf nou. Se Seyè a ki va chèf nou.
But Gideon said to them, I will not be a ruler over you, and my son will not be a ruler over you: it is the Lord who will be ruler over you.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς γεδεων οὐκ ἄρξω ἐγὼ ὑμῶν καὶ οὐκ ἄρξει ὁ υἱός μου ὑμῶν κύριος ἄρξει ὑμῶν
- 24 Apre sa, Jedeyon di yo: -Yon sèl bagay m'ap mande nou: Se pou chak moun wete yon grenn zanno nan sa li pran an ban mwen. Moun Madyan yo te pote zanno lò, tankou lòt moun k'ap viv nan dezè a.
Then Gideon said to them, I have a request to make to you; let every man give me the ear-rings he has taken. (For they had gold ear-rings, because they were Ishmaelites.)
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς γεδεων αἰτήσομαι παρ' ὑμῶν αἰτήσιν καὶ δότε μοι ἀνὴρ ἐνώτιον τῶν σκύλων αὐτοῦ ὅτι ἐνώτια χρυσοῦ πολλὰ ἦν αὐτοῖς ὅτι ἰσμηλίται ἦσαν
- 25 Moun pèp Izrayèl yo reponn li: -Se tout plezi nou pou n' ba ou yo! Yo louvri yon rad atè, epi chak moun pran yon zanno nan sa yo te pran an, yo mete l' sou rad la.
And they gave answer, We will gladly give them. So they put down a robe, every man dropping into it the ear-rings he had taken.
καὶ εἶπαν διδόντες δόσομεν καὶ ἀνέπτυξεν τὸ ἱμάτιον αὐτοῦ καὶ ἔρριψεν ἐκεῖ ἀνὴρ ἐνώτιον χρυσοῦ τῶν σκύλων αὐτοῦ
- 26 Tout zanno Jedeyon te mande yo te fè antou swasant liv lò konsa, san konte bijou ki te gen fòm dekou lalen yo, kolye yo, bèl rad wouj ki te sou wa yo, ak kolye ki te mare nan kou chamo yo.
The weight of the gold ear-rings which he got from them was one thousand, seven hundred shekels of gold; in addition to the moon-ornaments and jewels and the purple robes which were on the kings of Midian, and the chains on their camels' necks.
καὶ ἐγενήθη ὁ σταθμὸς τῶν ἐνώτιων τῶν χρυσοῦν ὃν ἠτήσατο σίκλοι χίλιοι καὶ ἑπτακόσιοι χρυσοῦ πλὴν τῶν σιρόνων καὶ τῶν ὀρμίσκων ἐνφωθ καὶ τῶν περιβολαίων τῶν πορφυρῶν τῶν ἐπὶ τοῖς βασιλεῦσιν μαδιαμ καὶ πλὴν τῶν κλοιῶν τῶν χρυσοῦν τῶν ἐν τοῖς τραχήλοισι τῶν καμήλων αὐτῶν
- 27 Jedeyon fè yon estati ak lò a, li mete l' nan lavil Ofra, kote l' moun lan. Tout moun pèp Izrayèl yo vire do bay Bondye, yo vin adore estati a lavil Ofra. Sa te tounen yon pèlen pou Jedeyon ak tout fanmi li yo.
And Gideon made an ephod from them and put it up in his town Ophrah; and all Israel went after it there and were false to the Lord; and it became a cause of sin to Gideon and his house.
καὶ ἐποίησεν αὐτὸ γεδεων εἰς εφοῦδ καὶ ἔστησεν αὐτὸ ἐν πόλει αὐτοῦ ἐν εφραθα καὶ ἐξεπόρνευσεν πᾶς ἰσραηλ ὀπίσω αὐτοῦ ἐκεῖ καὶ ἐγένετο τῷ γεδεων καὶ τῷ οἴκῳ αὐτοῦ εἰς σκάνδαλον
- 28 Se konsa moun Madyan yo te vin soumèt devan moun pèp Izrayèl la. Depi jou sa a yo pa janm leve tèt yo ankò. Pandan karantan te gen lapè nan peyi a jouk jou Jedeyon mouri.
So Midian was broken before the children of Israel and the Midianites never got back their strength. And the land had peace for forty years, in the days of Gideon.
καὶ ἐνετράπη μαδιαμ ἐνώπιον υἱῶν ἰσραηλ καὶ οὐ προσέθεντο ἄραι κεφαλὴν αὐτῶν καὶ ἠσύχασεν ἡ γῆ ἔτη τεσσαράκοντα ἐν ἡμέραις γεδεων
- 29 ¶ Jedeyon, pitit Joas la, ki rele Jewoubaal tou, tounen al rete lakay li.
And Jerubbaal, the son of Joash, went back to his house and was living there.
καὶ ἐπορεύθη ἰεροβααλ υἱὸς ἰωας καὶ κατῴκησεν ἐν τῷ οἴκῳ αὐτοῦ
- 30 Li te gen swasantdis pitit gason, paske li te gen anpil manman pitit.
Gideon had seventy sons, the offspring of his body; for he had a number of wives.
καὶ τῷ γεδεων ἦσαν ἑβδομήκοντα υἱοὶ ἐκπορευόμενοι ἐκ μηρῶν αὐτοῦ ὅτι γυναῖκες πολλαὶ ἦσαν αὐτῷ
- 31 Li te gen yon fanm kay ki te rete Sichèm. Ti fanm sa a te fè yon pitit gason pou li, li rele l' Abimelèk.
And the servant-wife he had in Shechem had a son by him, to whom he gave the name Abimelech.
καὶ ἡ παλλακὴ αὐτοῦ ἡ ἐν σικμοῖς ἔτεκεν αὐτῷ καὶ γέγονε αὐτῷ υἱὸν καὶ ἐπέθηκεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἀβιμελεχ
- 32 Lè Jedeyon, pitit Joas la, mouri, li te gen yon bèl laj sou tèt li. Yo antere l' nan kavo Joas, papa l', te genyen lavil Ofra, lavil ki te pou fanmi Abyezè yo.
And Gideon, the son of Joash, came to his end when he was very old, and his body was put in the resting-place of Joash his father, in Ophrah of the Abiezrites.
καὶ ἀπέθανεν γεδεων υἱὸς ἰωας ἐν πολὶ ἀγαθῇ καὶ ἐτάφη ἐν τῷ τάφῳ ἰωας τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐν εφραθα πατρὸς ἀβιεζρι

- 33 Apre Jedeyon mourì, pèp Izrayèl la vire do bay Bondye ankò, yo pran fè sèvis pou Baal yo. Yo fè Baal-Berit sèvi yo bondye.
And after the death of Gideon, the children of Israel again went after the gods of Canaan and were false to the Lord, and made Baal-berith their god.
καὶ ἐγενήθη ὡς ἀπέθανεν γεδεων καὶ ἀπεστράφησαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ καὶ ἐξεπόρνευσαν ὀπίσω τῶν βααλιμ καὶ ἔθεντο αὐτοῖς τὸν βααλβεριθ εἰς διαθήκην τοῦ εἶναι αὐτοῖς αὐτὸν εἰς θεόν
- 34 Se konsa, yo pa dòmi reve Seyè a, Bondye yo a, li menm ki te delivre yo anba men lènmi ki te sènen yo toupatou.
And the children of Israel did not keep in their minds the Lord their God, who had been their saviour from all their haters on every side;
καὶ οὐκ ἐμνήσθησαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ κυρίου τοῦ θεοῦ αὐτῶν τοῦ ῥυσαμένου αὐτοὺς ἐκ χειρὸς πάντων τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν κυκλόθεν
- 35 Yo moutre yo engrà, yo bliye fanmi Jedeyon an ansanm ak tout byen li te fè pou pèp Izrayèl la.
And they were not kind to the house of Jerubbaal, that is, Gideon, in reward for all the good he had done to Israel.
καὶ οὐκ ἐποίησαν ἔλεος μετὰ τοῦ οἴκου ιεροβααλ γεδεων κατὰ πᾶσαν τὴν ἀγαθωσύνην ἣν ἐποίησεν μετὰ ἰσραηλ
- 1 ¶ Abimelèk, pitit gason Jewoubaal ki te rele Jedeyon tou, ale lavil Sichèm kote frè menm manman avè l' yo te rete. Li pale ak yo ansanm ak tout fanmi papa manman l' yo, li di yo:
Now Abimelech, the son of Jerubbaal, went to Shechem to his mother's family, and said to them and to all the family of his mother's father,
καὶ ἐπορεύθη αβιμελεχ υἱὸς ιεροβααλ εἰς σικιμα πρὸς τοὺς ἀδελφοὺς τῆς μητρὸς αὐτοῦ καὶ ἐλάλησεν πρὸς αὐτοὺς καὶ πρὸς πᾶσαν τὴν συγγένειαν τοῦ οἴκου τῆς μητρὸς αὐτοῦ λέγων
- 2 -Tanpri, ale pale ak tout grannèg ki mèt lavil Sichèm yo. Mande yo si yo ta pito gen tout swasannid pitit gason Jewoubaal yo pase yon sèl ladan yo pou chèf? Pa bliye, se bon fanmi san nou mwen ye!
Say now in the ears of all the townsmen of Shechem, Is it better for you to be ruled by all the seventy sons of Jerubbaal or by one man only? And keep in mind that I am your bone and your flesh.
λαλήσατε δὴ ἐν ὧσιν τῶν ἀνδρῶν σικιμων ποῖον βέλτιόν ἐστιν τὸ ἄρχειν ὑμῶν ἑβδομήκοντα ἄνδρας πάντας υἱοὺς ιεροβααλ ἢ κυριεῦειν ὑμῶν ἄνδρα ἓνα καὶ μνήσθητε ὅτι σὰρξ ὑμῶν καὶ ὀστοῦν ὑμῶν ἐγὼ εἰμι
- 3 Se konsa tout fanmi manman Abimelèk yo mache pale ak tout grannèg ki mèt lavil Sichèm yo, yo mande yo menm bagay la. Tout moun te panche pou Abimelèk, paske yo t'ap di se ti fanmi yo li ye.
So his mother's family said all this about him in the ears of all the townsmen of Shechem: and their hearts were turned to Abimelech, for they said, He is our brother.
καὶ ἐλάλησαν περὶ αὐτοῦ οἱ ἀδελφοὶ τῆς μητρὸς αὐτοῦ ἐν τοῖς ὧσιν πάντων τῶν ἀνδρῶν σικιμων πάντας τοὺς λόγους τούτους καὶ ἐκλινεν καρδιά αὐτῶν ὀπίσω αβιμελεχ ὅτι εἶπαν ἀδελφοὺς ἡμῶν ἐστιν
- 4 Yo ba li swasannid pyès ajan yo te pran nan tanp Baal-Berit la. Avèk lajan sa a, li lwe sèvis kèk vòryen ak kèk vakabon pou mache avè l'.
And they gave him seventy shekels of silver from the house of Baal-berith, with which Abimelech got the support of a number of uncontrolled and good-for-nothing persons.
καὶ ἔδωκαν αὐτῷ ἑβδομήκοντα ἀργυρίου ἐκ τοῦ οἴκου βααλ διαθήκης καὶ ἐμισθώσατο ἐν αὐτοῖς αβιμελεχ ἄνδρας κενοὺς καὶ θαμβουμένους καὶ ἐπορεύθησαν ὀπίσω αὐτοῦ
- 5 L' ale lakay papa l' nan lavil Ofra, li touye tout swasannid frè l' yo, pitit Jewoubaal yo, anwo menm wòch la. Men, dènye pitit gason Jewoubaal la, Jotam, te kache. Se konsa li pa t' mourì.
Then he went to his father's house at Ophrah, and put his brothers, the seventy sons of Jerubbaal, to death on the same stone; however, Jotham, the youngest, kept himself safe by going away to a secret place.
καὶ εἰσῆλθεν εἰς τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς αὐτοῦ εἰς εφραθα καὶ ἀπέκτεινεν τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ υἱοὺς ιεροβααλ ἑβδομήκοντα ἄνδρας ἐπὶ λίθον ἓνα καὶ ἀπελείφθη ἰωθαμ υἱὸς ιεροβααλ ὁ νεώτερος ὅτι ἐκρύβη
- 6 Lè sa a, tout chèf ki nan lavil Sichèm yo ansanm ak tout moun Bèt Milo yo mete tèt yo ansanm, y' al toupre pye bwadchenn repozwa ki kanpe nan lavil Sichèm lan, yo fè Abimelèk wa.
And all the townsmen of Shechem and all Beth-millo came together and went and made Abimelech their king, by the oak of the pillar in Shechem.
καὶ συνήχθησαν πάντες οἱ ἄνδρες σικιμων καὶ πᾶς ὁ οἶκος μααλλον καὶ ἐπορεύθησαν καὶ ἐβασίλευσαν τὸν αβιμελεχ εἰς βασιλέα πρὸς τῇ βαλάνῳ τῆς στάσεως ἐν σικιμοῖς
- 7 ¶ Lè Jotam vin konn sa, l' al kanpe sou tèt mòn Garizim lan, li pran pale byen fò pou tout moun tande, li di konsa: -Nou menm grannèg ki mèt lavil Sichèm yo, koute sa m'ap di nou. Apre sa, se pou Bondye koute sa nou menm nou pral di.
Now Jotham, on hearing of it, went to the top of Mount Gerizim, and crying out with a loud voice said to them, Give ear to me, you townsmen of Shechem, so that God may give ear to you.
καὶ ἀνήγγειλαν τῷ ἰωθαμ καὶ ἐπορεύθη καὶ ἔστη ἐπὶ τῆς κορυφῆς τοῦ ὄρους γαριζὶν καὶ ἐπήρην τὴν φωνὴν αὐτοῦ καὶ ἐκάλεσεν καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἀκούσατέ μου ἄνδρες σικιμων καὶ ἀκούσαι ὑμῶν ὁ θεὸς
- 8 Vwala yon jou, tout pyebwa yo pran desizyon chwazi yon wa pou mete alatèt yo. Yo di pye benzoliv la: Vin gouvènè nou non!
One day the trees went out to make a king for themselves; and they said to the olive-tree, Be king over us.
πορευόμενα ἐπορεύθησαν τὰ ξύλα τοῦ χρῖσαι ἐαντοῖς βασιλέα καὶ εἶπον τῇ ἐλαίᾳ βασιλευσον ἐφ' ἡμῶν
- 9 Pye benzoliv la di yo: Nou ta vle mwen sispann bay lwil ki sèvi pou fè lwanj bondye yo ak lwanj lèzòm pou m' al chèf sou tout pyebwa!
But the olive-tree said to them, Am I to give up my wealth of oil, by which men give honour to God, and go waving over the trees?
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἡ ἐλαία ἀφεῖσα τὴν πύότητά μου ἣν ἐν ἐμοὶ ἐδόξασεν ὁ θεὸς καὶ ἄνθρωποι πορευθῶ ἄρχειν τῶν ξύλων

- 10 Y' al jwenn pye figfrans lan, yo di l': Ou menm, pye figfrans, vin gouvènen nou non!
Then the trees said to the fig-tree, You come and be king over us.
καὶ εἶπαν τὰ ξύλα τῆ συκῆ δεῦρο βασιλευσον ἐφ' ἡμῶν
- 11 Pye figfrans lan di yo: Nou ta vle mwen sispann bay bon ti fwi dous pou m' ale chèf sou tout pyebwa!
But the fig-tree said to them, Am I to give up my sweet taste and my good fruit and go waving over the trees?
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἡ συκῆ ἀφείσα τὴν γλυκύτητά μου καὶ τὸ γένημά μου τὸ ἀγαθὸν πορευθῶ ἄρχειν ἐπὶ ξύλων
- 12 Lè sa a, yo di pye rezen an: Ou menm pye rezen, vin gouvènen nou non!
Then the trees said to the vine, You come and be king over us.
καὶ εἶπαν τὰ ξύλα τῆ ἀμπέλω δεῦρο βασιλευσον ἐφ' ἡμῶν
- 13 Pye rezen an di yo: Nou ta vle mwen sispann bay diven ki fè kè bondye yo ak kè lèzòm kontan pou m' al chèf sou tout pyebwa!
But the vine said to them, Am I to give up my wine, which makes glad God and men, to go waving over the trees?
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἡ ἄμπελος ἀφείσα τὸν οἶνόν μου τὴν εὐφροσύνην τὴν παρὰ τοῦ θεοῦ τῶν ἀνθρώπων πορευθῶ ἄρχειν ξύλων
- 14 Lè sa a, yo di pye pikan an: Ou menm pye pikan, vin gouvènen nou non!
Then all the trees said to the thorn, You come and be king over us.
καὶ εἶπαν τὰ ξύλα πρὸς τὴν ῥάμνον δεῦρο σὺ βασιλευσον ἐφ' ἡμῶν
- 15 Pye pikan an di yo: Si nou sotif tout bon vre pou nou fè m' wa alatèt nou, enben, vini non. Vin mete kò nou nan lonbraj mwen. Si nou pa fè sa, gen yon sèl dife k'ap sotif nan touf pikan an, l'ap boule nou tout, ata pye sèd peyi Liban yo!
And the thorn said to the trees, If it is truly your desire to make me your king, then come and put your faith in my shade; and if not, may fire come out of the thorn, burning up the cedars of Lebanon.
καὶ εἶπεν ἡ ῥάμνος πρὸς τὰ ξύλα εἰ ἐν ἀληθείᾳ ὑμεῖς χριετέ με εἰς βασιλέα ἐφ' ὑμῶν δεῦτε πεποιθατε ἐν τῇ σκέπη μου καὶ εἰ μὴ ἐξέλθοι πῦρ ἐκ τῆς ῥάμνου καὶ καταφάγοι τὰς κέδρους τοῦ λιβάνου
- 16 Koulye a, m'ap mande nou: Eske se tout bon vre epi ak tout kè nou nou mete Abimelèk wa pou gouvènen nou? Dapre nou, se yon bèl bagay nou fè la a pou Jewoubaal ak fanmi l' yo? Eske se sa Jewoubaal merite apre sa li te fè pou nou?
So now, if you have done truly and uprightly in making Abimelech king, and if you have done well to Jerubbaal and his house in reward for the work of his hands;
καὶ νῦν εἰ ἐν ἀληθείᾳ καὶ ἐν τελειότητι ἐποιήσατε καὶ ἐβασιλεύσατε τὸν αβιμελεχ καὶ εἰ καλῶς ἐποιήσατε μετὰ ιεροβααλ καὶ μετὰ τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ εἰ κατὰ τὸ ἀνταπόδομα τῆς χειρὸς αὐτοῦ ἐποιήσατε αὐτῷ
- 17 Chonje jan papa m' te goumen pou nou, jan li te riske lavi l' pou nou, pou l' te ka delivre nou anba men moun Madyan yo.
(For my father made war for you, and put his life in danger, and made you free from the hands of Midian;
ὡς ἐπολέμησεν ὁ πατήρ μου ὑπὲρ ὑμῶν καὶ ἔρριψεν τὴν ψυχὴν αὐτοῦ ἐξ ἐναντίας καὶ ἐξείλατο ὑμᾶς ἐκ χειρὸς μαδιαμ
- 18 Epi pou jodi a nou leve dèyè fanmi papa m' yo. Nou touye swasanndis pitit gason l' yo sou menm wòch la, epi nou pran Abimelèk, yon pitit gason li fè ak yonn nan sèvant li yo, nou mete l' wa alatèt grannèg lavil Sichèm yo. Poukisa? Paske se fanmi nou li ye?
And you have gone against my father's family this day, and have put to death his sons, even seventy men on one stone, and have made Abimelech, the son of his servant-wife, king over the townsmen of Shechem because he is your brother;)
καὶ ὑμεῖς ἐπανεστήτε ἐπὶ τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς μου σήμερον καὶ ἀπεκτείνετε τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ ἑβδομήκοντα ἄνδρας ἐπὶ λίθον ἓνα καὶ ἐβασιλεύσατε τὸν αβιμελεχ υἱὸν τῆς παιδίσκης αὐτοῦ ἐπὶ τοὺς ἄνδρας σικμίων ὅτι ἀδελφὸς ὑμῶν ἐστιν
- 19 Si se tout bon vre epi ak tout kè nou nou fè Jewoubaal ak fanmi l' yo sa nou fè la a, enben, n'ap kontan avèk Abimelèk nou an. Li menm tou l'a kontan ak nou!
If then you have done what is true and upright to Jerubbaal and his family this day, may you have joy in Abimelech, and may he have joy in you;
καὶ εἰ ἐν ἀληθείᾳ καὶ τελειότητι ἐποιήσατε μετὰ ιεροβααλ καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ εὐλογηθείητε ὑμεῖς καὶ εὐφρανθείητε ἐν αβιμελεχ καὶ εὐφρανθείη καὶ αὐτὸς ἐν ὑμῖν
- 20 Men, si se pa sa, se pou yon dife sotif nan Abimelèk pou li boule dènye grannèg lavil Sichèm yo ak tout moun ki nan Bèt Milo. Se pou dife sotif nan grannèg lavil Sichèm yo ak tout moun ki nan Kay-Ranble a pou l' devore Abimelèk!
But if not, may fire come out from Abimelech, burning up the townsmen of Shechem and Beth-millo; and may fire come out from the townsmen of Shechem and Beth-millo, for the destruction of Abimelech.
καὶ εἰ μὴ ἐξέλθοι πῦρ ἐξ αβιμελεχ καὶ καταφάγοι τοὺς ἄνδρας σικμίων καὶ τὸν οἶκον μααλλων καὶ εἰ μὴ ἐξέλθοι πῦρ ἀπὸ ἀνδρῶν σικμίων καὶ ἐκ τοῦ οἴκου μααλλων καὶ καταφάγοι τὸν αβιμελεχ
- 21 Apre sa, Jotam kouri met deyò. L' al kache lavil Beyè, paske li te pè Abimelèk, frè l' la.
Then Jotham straight away went in flight to Beer, and was living there for fear of his brother Abimelech.
καὶ ἀπέδρα ιωθαμ καὶ ἐπορεύθη ἐν ὄδῳ καὶ ἔφυγεν εἰς βερα καὶ κατοίκησεν ἐκεῖ ἀπὸ προσώπου αβιμελεχ τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ

- 22 ¶ Abimelèk gouvènen pèp Izrayèl la pandan twazan.
So Abimelech was chief over Israel for three years.
καὶ ἦρξεν ἀβιμελεχ ἐπὶ ἰσραὴλ τρία ἔτη
- 23 Apre sa, Bondye mete yon sèl bouyay ant Abimelèk ak grannèg Sichèm yo, li fè grannèg Sichèm yo leve dèyè Abimelèk.
And God sent an evil spirit between Abimelech and the townsmen of Shechem; and the townsmen of Shechem were false to Abimelech;
καὶ ἐξαπέστειλεν ὁ θεὸς πνεῦμα πονηρὸν ἀνὰ μέσον ἀβιμελεχ καὶ ἀνὰ μέσον τῶν ἀνδρῶν σικιμων καὶ ἠθέτησαν οἱ ἄνδρες σικιμων ἐν τῷ οἴκῳ ἀβιμελεχ
- 24 Sa te rive konsa pou yo tout te ka peye sa yo te fè a: Abimelèk pou masakre li te masakre swasann dis pitit gason Jewoubaal yo, grannèg lavil Sichèm yo pou ankouraje yo te ankouraje Abimelèk lè li t'ap touye frè l' yo.
So that punishment for the violent attack made on the seventy sons of Jerubbaal, and for their blood, might come on Abimelech, their brother, who put them to death, and on the townsmen of Shechem who gave him their help in putting his brothers to death.
τοῦ ἐπαγαγεῖν τὴν ἀδικίαν τῶν ἐβδομήκοντα υἱῶν ἱεροβααλ καὶ τὸ αἷμα αὐτῶν ἐπιθεῖναι ἐπὶ ἀβιμελεχ τὸν ἀδελφὸν αὐτῶν τὸν ἀποκτείναντα αὐτοὺς καὶ ἐπὶ τοὺς ἄνδρας σικιμων τοὺς κατισχύσαντας τὸν υἱὸν αὐτοῦ ὥστε ἀποκτεῖναι τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ
- 25 Grannèg lavil Sichèm yo mete anbiskad sou tèt moun yo ap veye Abimelèk. Moun ki nan anbiskad yo menm te rete ap vòlè tout moun ki t'ap pase sou chemen an bò kote yo. Abimelèk vin konn sa.
And the townsmen of Shechem put secret watchers on the tops of the mountains, and they made attacks on all who went by on the road and took their goods; and word of this came to Abimelech.
καὶ ἔθεντο αὐτῷ οἱ ἄνδρες σικιμων ἐνεδρα ἐπὶ τὰς κεφαλὰς τῶν ὄρεων καὶ ἀνήρπασον πάντας τοὺς διαπορευομένους ἐπ' αὐτοὺς ἐν τῇ ὁδῷ καὶ ἀπηγγέλη τῷ ἀβιμελεχ
- 26 Gaal, pitit gason Ebèd la, vin rive lavil Sichèm ansanm ak frè l' yo. Grannèg lavil Sichèm yo fè msye konfyans.
Then Gaal, the son of Ebed, came with his brothers, and went over to Shechem; and the men of Shechem put their faith in him.
καὶ ἦλθεν γααλ υἱὸς ἀβεδ καὶ οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ εἰς σικιμα καὶ ἐπεποιήσαν ἐν αὐτῷ οἱ ἄνδρες σικιμων
- 27 Y' al nan jaden yo, yo keyi rezen nan jaden rezen yo, yo fè diven, yo fè fèt. Y' al nan tanp bondye yo a, yo manje, yo bwè, epi yo bay Abimelèk kont madichon li.
And they went out into their fields and got in the fruit of their vines, and when the grapes had been crushed, they made a holy feast and went into the house of their god, and over their food and drink they were cursing Abimelech.
καὶ ἦλθον εἰς ἀγρὸν καὶ ἐτρύγησαν τοὺς ἀμπελώνους αὐτῶν καὶ κατεπάτουν καὶ ἐποίησαν χοροὺς καὶ εἰσῆλθον εἰς οἶκον θεοῦ αὐτῶν καὶ ἔφαγον καὶ ἔπιον καὶ κατηρώοντο τὸν ἀβιμελεχ
- 28 Gaal, pitit gason Ebèd la, di yo: -Kisa Abimelèk ye menm pou n'ap sèvi l' konsa? Ki kalite moun ki gen nan lavil Sichèm la menm pou y'ap sèvi Abimelèk? Ki moun li ye? An! Pitit gason Jewoubaal la! Epi se nan men l' Zeboul ap resevwa lòd? Poukisa pou n' sèvi l'? Non! Se pou moun Sichèm yo respekte Amò, zansèt yo, se moun fanmi li pou yo sèvi.
And Gaal, the son of Ebed, said, Who is Abimelech and who is Shechem, that we are to be his servants? Is it not right for the son of Jerubbaal and Zebul his captain to be servants to the men of Hamor, the father of Shechem? But why are we to be his servants?
καὶ εἶπεν γααλ υἱὸς ἀβεδ τί ἐστὶν ἀβιμελεχ καὶ τίς ἐστὶν ὁ υἱὸς συχημ ὅτι δουλεύσομεν αὐτῷ οὐχ οὗτος υἱὸς ἱεροβααλ καὶ ζεβουλ ἐπίσκοπος αὐτοῦ δοῦλος αὐτοῦ σὺν τοῖς ἀνδράσιν ἐμμορ πατρὸς συχημ καὶ τί ὅτι δουλεύσομεν αὐτῷ ἡμεῖς
- 29 Pa mande Bondye se mwen ki te chèf pèp sa a! Mwen ta mete Abimelèk nan wòl li! Mwen ta di l': Si ou gen yon gwo lame vre, soti non! Soti vin goumen!
If only I had authority over this people! I would put Abimelech out of the way, and I would say to Abimelech, Make your army strong, and come out.
καὶ τίς δόξη τὸν λαὸν τοῦτον ἐν χειρὶ μου καὶ μεταστήσω τὸν ἀβιμελεχ καὶ ἐρῶ τῷ ἀβιμελεχ πληθύνον τὴν δυνάμιν σου καὶ ἐξεέλθε
- 30 Zeboul te chèf lavil Sichèm. Lè li tande tout pawòl Gaal, pitit gason Ebèd la, te di yo, li fache anpil.
Now Zebul, the ruler of the town, hearing what Gaal, the son of Ebed, had said, was moved to wrath.
καὶ ἤκουσεν ζεβουλ ὁ ἄρχων τῆς πόλεως τοὺς λόγους γααλ υἱοῦ ἀβεδ καὶ ἐθυμώθη ὀργῇ
- 31 Li voye mesaj an kachèt bò Abimelèk pou di l' konsa: -Gaal, pitit gason Ebèd la, rive lavil Sichèm ansanm ak frè l' yo. Y'ap moute tèt moun lavil la sou do ou pou yo pa kite ou antre.
And he sent to Abimelech at Arumah, saying, See, Gaal, the son of Ebed, and his brothers have come to Shechem, and they are working up the town against you.
καὶ ἀπέστειλεν ἀγγέλους πρὸς ἀβιμελεχ μετὰ δώρων λέγων ἰδοὺ γααλ υἱὸς ἀβεδ καὶ οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ παραγεγόνασιν εἰς σικιμα καὶ οἶδε πολιορκοῦσιν τὴν πόλιν ἐπὶ σέ
- 32 Men sa ou pral fè. Leve nan mitan lannwit ansanm ak tout moun ki avè ou yo, al kache nan tout bwa a.
So now, get up by night, you and your people, and keep watch in the field secretly;
καὶ νῦν ἀνάστηθι νυκτὸς σὺ καὶ ὁ λαὸς ὁ μετὰ σοῦ καὶ ἐνέδρευσον ἐν τῷ ἀγρῷ
- 33 Nan maten, lè solèy fenk leve, w'a parèt, w'a tonbe sou lavil la pou atake l'. Lè Gaal ak moun li yo va soti vin kontre ak ou, w'a kraze l' ak tout fòs ou.
And in the morning, when the sun is up, get up early and make a rush on the town; and when he and his people come out against you, do to them whatever you have a chance to do.
καὶ ἔσται τὸ πρωὶ ἅμα τῷ ἀνατεῖλαι τὸν ἥλιον καὶ ὀρθρίσεις καὶ ἐκτενεῖς ἐπὶ τὴν πόλιν καὶ ἰδοὺ αὐτὸς καὶ ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ ἐκπορεύονται πρὸς σέ καὶ ποιήσεις αὐτῷ καθάπερ ἔαν εὕρῃ ἡ χεὶρ σου

- 34 Se konsa, Abimelèk ak tout moun li yo leve lannwit, yo separe fè kat gwoup, y' al kache andeyò limit lavil la.
So Abimelech and the people with him got up by night, in four bands, to make a surprise attack on Shechem.
καὶ ἀνέστη αβιμελεχ καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ νυκτὸς καὶ ἐνήδρευσαν ἐπὶ σικκίμα τέσσαρας ἀρχάς
- 35 Gaal, pitit gason Ebèd la, soti, l' al kanpe bò pòtay lavil la. Lè sa a, Abimelèk ak moun pa l' yo soti nan kachèt yo.
And Gaal, the son of Ebed, went out, and took his place at the doorway into the town; then Abimelech and his people got up from the place where they had been waiting.
καὶ ἐγένετο πρῶι καὶ ἐξῆλθεν γααλ υἱὸς αβεδ καὶ ἔστη πρὸς τῆ θύρα τῆς πόλης τῆς πόλεως καὶ ἀνέστη αβιμελεχ καὶ ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ ἐκ τῶν ἐνέδρων
- 36 Lè Gaal wè moun yo, li di Zeboul konsa: -Gade. Men yon bann moun k'ap desann sot sou tèt mòn yo! Men, Zeboul di li: -Se pa anyen, monchè! Se lonbraj sou mòn yo ou pran pou moun!
And when Gaal saw the people, he said to Zebul, See! people are coming down from the tops of the mountains. And Zebul said to him, You see the shade of the mountains like men.
καὶ εἶδεν γααλ υἱὸς αβεδ τὸν λαὸν καὶ εἶπεν πρὸς ζεβουλ ἰδοὺ λαὸς καταβαίνων ἀπὸ τῶν κορυφῶν τῶν ὀρέων καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν ζεβουλ τὴν σκιὰν τῶν ὀρέων σὺ ὀράς ὡς ἄνδρας
- 37 Gaal di l' ankò: -Gade! Men yon bann moun k'ap desann Mòn Lonbrit latè a. Men yon lòt ankò k'ap vini sou chemen Pye Chenn moun k'ap li zetwal yo.
And Gaal said again, See! people are coming down from the middle of the land, and one band is coming by way of the oak-tree of the Seers.
καὶ προσέθετο ἔτι γααλ τοῦ λαλήσαι καὶ εἶπεν ἰδοὺ λαὸς καταβαίνων κατὰ θάλασσαν ἀπὸ τοῦ ἐχόμενα τοῦ ὄμφαλου τῆς γῆς καὶ ἀρχὴ μία παραγίνεται ἀπὸ ὁδοῦ δρυὸς ἀποβλεπόντων
- 38 Lè sa a, Zeboul di l' konsa: -Kote bèl pawòl ki te nan bouch ou yo? Se pa ou ki t'ap mande ki moun Abimelèk ye konsa pou n'ap sèvi l'? Apa moun ou t'ap pase nan betiz yo? Soti non! Koulye a al goumen ak yo!
Then Zebul said to him, Now where is your loud talk when you said, Who is Abimelech that we are to be his servants? Is this not the people whom you were rating so low? Go out now, and make war on them.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν ζεβουλ ποῦ ἔστιν νῦν τὸ στόμα σου τὸ λέγον τίς ἔστιν αβιμελεχ ὅτι δουλεύομεν αὐτῷ οὐκ ἰδοὺ οὕτως ἔστιν ὁ λαὸς ὃν ἐξουδένωσας ἐξελθε νῦν καὶ πολέμει πρὸς αὐτόν
- 39 Gaal pran devan, li mennen grannèg lavil Sichèm yo pou y' al goumen ak Abimelèk.
So Gaal went out at the head of the townsmen of Shechem and made war on Abimelech.
καὶ ἐξῆλθεν γααλ ἀπὸ προσώπου τῶν ἀνδρῶν σικκίμων καὶ ἐπολέμησεν ἐν αβιμελεχ
- 40 Men, lè Abimelèk mache sou li, Gaal pran kouri met deyò. Sòlda Abimelèk yo te blese anpil moun rive jouk devan pòtay lavil la.
And Abimelech went after him and he went in flight before him; and a great number were falling by the sword all the way up to the town.
καὶ κατεδίωξεν αὐτὸν αβιμελεχ καὶ ἔφυγεν ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ καὶ ἔπεσον τραυματῖαι πολλοὶ ἕως θυρῶν τῆς πόλεως
- 41 Apre sa, Abimelèk tounen lavil Awouma. Zeboul menm mete Gaal deyò ak tout frè l' yo, kifè yo pa t' kapab rete lavil Sichèm ankò.
Then Abimelech went back to Arumah; and Zebul sent Gaal and his brothers away and would not let them go on living in Shechem.
καὶ ἐκάθισεν αβιμελεχ ἐν ἀριμα καὶ ἐξέβαλεν ζεβουλ τὸν γααλ καὶ τοὺς ἀδελφοὺς αὐτοῦ τοῦ μὴ οἰκεῖν ἐν σικκίμοις
- 42 Nan denmen, moun lavil Sichèm yo fè lide soti al nan jaden. Yo vin di Abimelèk sa.
Now the day after, the people went out into the fields; and news of it came to Abimelech.
καὶ ἐγενήθη τῆ ἐπαύριον καὶ ἐξῆλθεν ὁ λαὸς εἰς τὸ πεδῖον καὶ ἀπηγγέλη τῷ αβιμελεχ
- 43 Li pran moun li yo, li separe yo fè twa gwoup epi l' al kache nan jaden yo. Lè li wè moun yo ap soti nan lavil la, li vare sou yo, li pran goumen ak yo, li touye yo.
And he took his people, separating them into three bands, and was waiting secretly in the field; and when he saw the people coming out of the town, he went up and made an attack on them.
καὶ παρέλαβεν τὸν λαὸν καὶ διεῖλεν αὐτὸν τρεῖς ἀρχάς καὶ ἐνήδρευσεν ἐν αὐτῷ καὶ εἶδεν καὶ ἰδοὺ λαὸς ἐξῆλθεν ἐκ τῆς πόλεως καὶ ἐπανεστη αὐτοῖς καὶ ἐπάταξεν αὐτούς
- 44 Abimelèk ak gwoup li a kouri devan, y' al rete devan pòtay lavil la, pandan de lòt gwoup yo menm t'ap atake moun ki nan jaden yo, yo t'ap touye yo.
And Abimelech with his band made a rush, and took up their position at the doorway into the town; and the other two bands made a rush on all those who were in the fields, and overcame them.
καὶ αβιμελεχ καὶ αἱ ἀρχαὶ αἱ μετ' αὐτοῦ ἐξετάθησαν καὶ ἔστησαν παρὰ τὴν πόλιν τῆς πόλεως καὶ αἱ δύο ἀρχαὶ ἐξεχύθησαν ἐπὶ πάντας τοὺς ἐν τῷ ἀγρῷ καὶ ἐπάταξεν αὐτούς
- 45 Abimelèk goumen ak moun lavil la tout jounen an. Li pran lavil la pou li, li touye tout moun ki te ladan l'. Apre sa, li kraze lavil la ratè, epi li simen sèl sou tout anplasman lavil la.
And all that day Abimelech was fighting against the town; and he took it, and put to death the people who were in it, and had the town pulled down and covered with salt.
καὶ αβιμελεχ ἐπολέμει ἐν τῆ πόλει ὅλην τὴν ἡμέραν ἐκείνην καὶ κατελάβοντο τὴν πόλιν καὶ τὸν λαὸν τὸν ἐν αὐτῇ ἀνείλεν καὶ τὴν πόλιν καθεῖλεν καὶ ἔσπειρεν αὐτὴν ἅλας
- 46 Lè tout grannèg ki rete nan gwo fò won Sichèm lan vin konn sa, yo antre al kache nan fò tanp Baal-Berit la.
Then all the townsmen of the tower of Shechem, hearing of it, went into the inner room of the house of El-berith.
καὶ ἤκουσαν πάντες οἱ ἄνδρες πύργου σικκίμων καὶ εἰσῆλθον εἰς τὸ ὀχύρωμα οἴκου τοῦ βααλ διαθήκης

- 47 Y' al di Abimelèk tout grannèg yo te sanble la.
And word was given to Abimelech that all the men of the tower of Shechem were there together.
καὶ ἀπηγγέλη τῷ αβιμελεχ ὅτι συνήχθησαν πάντες οἱ ἄνδρες τοῦ πύργου σικμίων
- 48 Lè sa a, Abimelèk moute sou mòn Zalmon avèk moun ki te avè l' yo. Li pran yon rach li koupe yon branch bwa, li pran l', li mete l' sou zepòl li. Epi li di tout moun ki te avè l' yo: -Nou wè sa m' fè a, kouri vit! Al fè menm bagay la tou.
Then Abimelech went up to Mount Zalmon, with all his people; and Abimelech took an axe in his hand and, cutting down branches of trees, took them and put them on his back. And he said to the people who were with him, Be quick and do as you have seen me do.
καὶ ἀνέβη αβιμελεχ εἰς ὄρος σελμων αὐτὸς καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ καὶ ἔλαβεν αβιμελεχ ἄξινην ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ ἔκοψεν φορτίον ξύλων καὶ ἔλαβεν αὐτὸ καὶ ἐπέθηκεν ἐπὶ τοὺς ὤμους αὐτοῦ καὶ εἶπεν πρὸς τὸν λαὸν τὸν μετ' αὐτοῦ τί εἶδετέ με ποιοῦντα ταχέως ποιήσατε ὡς καὶ ἐγὼ
- 49 Chak moun koupe yon branch bwa vre, epi yo pran mache dèyè Abimelèk. Yo anpile branch bwa yo nan pye fò a. Epi yo mete dife nan fò a ak tout moun yo ladan l'. Se konsa tout moun ki rete nan fò Sichèm lan mourì. Te gen mil (1.000) moun konsa, fanm ak gason, ki mourì.
So all the people got branches, every man cutting down a branch, and they went with Abimelech at their head and, massing the branches against the inner room, put fire to the room over them; so all those who were in the tower of Shechem, about a thousand men and women, were burned to death with it.
καὶ ἔκοψαν καὶ αὐτοὶ ἕκαστος φορτίον καὶ ἦσαν καὶ ἐπορεύθησαν ὀπίσω αβιμελεχ καὶ ἐπέθηκαν ἐπὶ τὸ ὄχύρωμα καὶ ἐνέπρησαν ἐπ' αὐτοὺς τὸ ὄχύρωμα ἐν πυρὶ καὶ ἀπέθανον πάντες οἱ ἄνδρες πύργου σικμίων ὥσει χίλιοι ἄνδρες καὶ γυναῖκες
- 50 ¶ Apre sa, Abimelèk ale lavil Tebèz, li sènen l' epi li pran l'.
Then Abimelech went to Thebez, and put his army in position against Thebez and took it.
καὶ ἐπορεύθη αβιμελεχ εἰς θεβες καὶ περιεκάθισεν ἐπ' αὐτήν καὶ προκατελάβετο αὐτήν
- 51 Te gen yon gwo fò won nan mitan lavil la. Tout moun, fanm kou gason, ansanm ak chèf yo, kouri al kache ladan l'. Yo fèmen tout pòt yo dèyè yo epi yo moute sou tèt fò a.
But in the middle of the town there was a strong tower, to which all the men and women of the town went in flight and, shutting themselves in, went up to the roof of the tower.
καὶ πύργος ἦν ὄχυρός ἐν μέσῳ τῆς πόλεως καὶ ἔφυγον ἐκεῖ πάντες οἱ ἄνδρες καὶ αἱ γυναῖκες καὶ πάντες οἱ ἠγούμενοι τῆς πόλεως καὶ ἀπέκλεισαν ἐφ' ἑαυτοὺς καὶ ἀνέβησαν ἐπὶ τὸ δῶμα τοῦ πύργου
- 52 Abimelèk rive jouk bò fò a. Li pwoche bò pòt la pou l' te mete dife nan fò a.
And Abimelech came to the tower and made an attack on it, and got near to the door of the tower for the purpose of firing it.
καὶ ἦλθεν αβιμελεχ ἕως τοῦ πύργου καὶ ἐξεπολέμησαν αὐτὸν καὶ ἤγγισεν αβιμελεχ ἕως τῆς θύρας τοῦ πύργου ἐμπρῆσαι αὐτὸν ἐν πυρὶ
- 53 Men yon fanm lage yon wòl moulen sou tèt Abimelèk, li kraze zo bwa tèt li.
But a certain woman sent a great stone, such as is used for crushing grain, on to the head of Abimelech, cracking the bone.
καὶ ἔρριπεν γυνὴ μία κλάσμα μύλου ἐπὶ τὴν κεφαλὴν αβιμελεχ καὶ συνέθλασεν τὸ κρανίον αὐτοῦ
- 54 Abimelèk rele jenn gason ki t'ap pote zam li yo, li di l' konsa: -Rale nepe ou, touye m'. Mwen pa vle yo di se yon fanm ki touye m'. Se konsa jenn gason an pèse l' pak an pak, epi li mourì.
Then quickly crying out to his body-servant, he said to him, Take out your sword and put an end to me straight away, so that men may not say of me, His death was the work of a woman. So the young man put his sword through him, causing his death.
καὶ ἐβόησεν τὸ τάχος πρὸς τὸ παιδάριον τὸν αἰρόντα τὰ σκευὴ αὐτοῦ καὶ εἶπεν αὐτῷ σπάσαι τὴν μάχαιράν σου καὶ θανάτωσόν με μήποτε εἰπώσιν γυνὴ ἀπέκτεινεν αὐτὸν καὶ ἐξεκέντησεν αὐτὸν τὸ παιδάριον αὐτοῦ καὶ ἀπέθανεν αβιμελεχ
- 55 Lè moun pèp Izrayèl yo wè Abimelèk mourì, yo tout al lakay yo.
And when the men of Israel saw that Abimelech was dead, they went away, every man to his place.
καὶ εἶδεν ἄνθρωπος ἰσραηλ ὅτι ἀπέθανεν αβιμελεχ καὶ ἀπῆλθον ἄνθρωποι εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ
- 56 Se konsa Bondye te fè Abimelèk peye pou krim li te fè kont fanmi papa l' la, lè li te touye swasanndis frè l' yo.
In this way Abimelech was rewarded by God for the evil he had done to his father in putting his seventy brothers to death;
καὶ ἀπέστρεψεν ὁ θεὸς τὴν κακίαν αβιμελεχ ἣν ἐποίησεν τῷ πατρὶ αὐτοῦ ἀποκτεῖναι τοὺς ἑβδομήκοντα ἀδελφοὺς αὐτοῦ
- 57 Bondye te fè moun lavil Sichèm yo soufri pou mechanste yo te fè lòt moun soufri. Se konsa, madichon Jotam, pitit gason Jewoubaal la, te wè pou yo a rive yo vre.
And God sent back on to the heads of the men of Shechem all the evil they had done, and the curse of Jotham, the son of Jerubbaal, came on them.
καὶ πᾶσαν κακίαν ἀνδρῶν σικμίων ἐπέστρεψεν ὁ θεὸς εἰς τὴν κεφαλὴν αὐτῶν καὶ ἐπῆλθεν ἐπ' αὐτοὺς ἡ κατάρα ἰωθαμ τοῦ υἱοῦ ἱεροβααλ
- 1 ¶ Apre Abimelèk, se Tola, pitit gason Pwa, pitit pitit gason Dodo, ki parèt pou delivre pèp Izrayèl la. Tola se moun branch fanmi Isaka. Li te rete lavil Chami nan mòn Efrayim yo.
Now after Abimelech, Tola, the son of Puah, the son of Dodo, a man of Issachar, became the saviour of Israel; he was living in Shamir in the hill-country of Ephraim.
καὶ ἀνέστη μετὰ αβιμελεχ τοῦ σώσαι τὸν ἰσραηλ θωλα υἱὸς φουα υἱὸς πατραδέλφου αὐτοῦ ἄνθρωπος ἰσσαχαρ καὶ αὐτὸς κατόκει ἐν ὄρει εφραιμ

- 2 Li te chèf nan peyi Izrayèl la pandan venntwazan. Apre sa, li mouri. Yo antere l' lavil Chami.
He was judge over Israel for twenty-three years; and at his death his body was put to rest in the earth in Shamir.
καὶ ἔκρινεν τὸν ἰσραηλ εἴκοσι καὶ τρία ἔτη καὶ ἀπέθανεν καὶ ἐτάφη ἐν σαμαρεία
- 3 Apre li, se Jayi, moun peyi Galarad, ki te parèt. Li gouvènènan peyi Izrayèl la pandan venndezezan.
And after him came Jair the Gileadite, who was judge over Israel for twenty-two years.
καὶ ἀνέστη μετ' αὐτὸν ἰαῖρ ὁ γαλααδίτης καὶ ἔκρινεν τὸν ἰσραηλ εἴκοσι καὶ δύο ἔτη
- 4 Li te gen trant pitit gason ki te moute trant bourik. Yo te gen trant lavil ki te rele yo pa yo nan peyi Galarad. Jouk koulye a yo rele lavil yo lavil Jayi.
And he had thirty sons, who went on thirty young asses; and they had thirty towns in the land of Gilead, which are named Havvoth-Jair to this day.
καὶ ἐγένοντο αὐτῷ τριάκοντα καὶ δύο υἱοὶ ἐπιβεβηκότες ἐπὶ τριάκοντα καὶ δύο πόλους καὶ τριάκοντα καὶ δύο πόλεις αὐτοῖς καὶ ἐκάλεσεν αὐτὰς ἐπαύλεις ἰαῖρ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης αἱ εἰσιν ἐν τῇ γῆ γαλααδ
- 5 Jayi mouri, yo antere l' lavil Kamon.
And at the death of Jair his body was put to rest in the earth in Kamon.
καὶ ἀπέθανεν ἰαῖρ καὶ ἐτάφη ἐν ραμμω
- 6 ¶ Apre sa, moun pèp Izrayèl yo rekonmanse ankò ap fè sa ki mal nan je Bondye. Yo pran fè sèvis pou Baal yo, pou Astate yo, pou bondye moun peyi Siri yo, pou bondye moun peyi Sidon yo, pou bondye moun peyi Moab yo, pou bondye moun peyi Amon yo ak bondye moun peyi Filisti yo. Yo vire do bay Seyè a, yo sispann sèvi l'.
And again the children of Israel did evil in the eyes of the Lord, worshipping the Baals and Astartes, and the gods of Aram and the gods of Zidon and the gods of Moab and the gods of the children of Ammon and the gods of the Philistines; they gave up the Lord and were servants to him no longer.
καὶ προσέθεντο οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐναντὶ κυρίου καὶ ἐλάτρευσαν ταῖς βααλιμ καὶ ταῖς ασταρωθ καὶ τοῖς θεοῖς σιδῶνος καὶ τοῖς θεοῖς μοαβ καὶ τοῖς θεοῖς υἰῶν αμμων καὶ τοῖς θεοῖς τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἐγκατέλιπον τὸν κύριον καὶ οὐκ ἐδούλευσαν αὐτῷ
- 7 Se konsa Seyè a fache sou pèp Izrayèl la. Li kite moun Filisti yo ak moun Amon yo mete pye sou kou yo.
And the wrath of the Lord was burning against Israel, and he gave them up into the hands of the Philistines and into the hands of the children of Ammon.
καὶ ἐθυμώθη ὀργῇ κύριος ἐν τῷ ἰσραηλ καὶ ἀπέδοτο αὐτοὺς ἐν χειρὶ ἀλλοφύλων καὶ ἐν χειρὶ υἰῶν αμμων
- 8 Pandan tout lane a, moun sa yo maltrete pèp Izrayèl la, yo malmennen yo. Pandan dizwitan, yo t'ap peze tout moun nan pèp Izrayèl la ki t'ap viv lòt bò larivyè Jouden an, sou bò solèy leve, nan peyi Galarad kote yo te rete a.
And that year the children of Israel were crushed under their yoke; for eighteen years all the children of Israel on the other side of Jordan, in the land of the Amorites which is in Gilead, were cruelly crushed down.
καὶ ἐσάθρωσαν καὶ ἔθλασαν τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ ἐν τῷ ἑνιαντῷ ἐκείνῳ ὀκτωκαίδεκα ἔτη πάντας τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ ἐν τῷ πέραν τοῦ ἰορδάνου ἐν τῇ γῆ τοῦ αμορραίου ἐν τῇ γαλααδίτιδι
- 9 Moun Amon yo te menm rive janbe lòt bò larivyè Jouden an pou y' al goumen ak moun branch Jida yo, moun branch fanmi Benjamen yo ak moun branch fanmi Efrayim yo. Pèp Izrayèl la te nan gwo lapenn.
And the children of Ammon went over Jordan, to make war against Judah and Benjamin and the house of Ephraim; and Israel was in great trouble.
καὶ διέβησαν οἱ υἱοὶ αμμων τὸν ἰορδάνην ἐκπολεμῆσαι καὶ ἐν τῷ ἰουδα καὶ βενιαμιν καὶ ἐν τῷ οἴκῳ εφραιμ καὶ ἐθλίβησαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ σφόδρα
- 10 ¶ Lè sa a, yo rele nan pye Seyè a, yo di l' konsa: -Nou te peche kont ou, nou te vire do ba ou, ou menm Bondye nou an, n' al fè sèvis pou Baal yo.
Then the children of Israel, crying out to the Lord, said, Great is our sin against you, for we have given up our God and have been servants to the Baals.
καὶ ἐκέκραζαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ πρὸς κύριον λέγοντες ἡμάρτομέν σοι ὅτι ἐγκατέλιπομεν τὸν θεὸν ἡμῶν καὶ ἐλάτρευσαμεν ταῖς βααλιμ
- 11 Seyè a reponn pèp Izrayèl la: -Moun Lejip yo, moun Amori yo, moun Amon yo, moun Filisti yo,
And the Lord said to the children of Israel, Were not the Egyptians and the Amorites and the children of Ammon and the Philistines
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ οὐχὶ οἱ αἰγύπτιοι καὶ οἱ αμορραῖοι καὶ οἱ υἱοὶ αμμων καὶ μοαβ καὶ οἱ ἀλλόφυλοι
- 12 moun Sidon yo, moun Amalèk yo ak moun Mawon yo t'ap peze nou nan tan lontan, nou te kriye nan pye m'. Eske mwen pa t' delivre nou anba men yo lè sa a?
And the Zidonians and Amalek and Midian crushing you down, and in answer to your cry did I not give you salvation from their hands?
καὶ σιδῶνιοι καὶ μαδιαμ καὶ αμαληκ ἐξέθλιψαν ὑμᾶς καὶ ἐκεκράζατε πρὸς με καὶ ἔσωσα ὑμᾶς ἐκ χειρὸς αὐτῶν
- 13 Men chak fwa, nou vire do ban mwen pou n' al fè sèvis pou lòt bondye. Se poutèt sa mwen pa pral delivre nou fwa sa a ankò.
But, for all this, you have given me up and have been servants to other gods: so I will be your saviour no longer.
καὶ ὑμεῖς ἐγκατελίπετέ με καὶ ἐλάτρευσατε θεοῖς ἑτέροις διὰ τοῦτο οὐ προσθήσω τοῦ σῶσαι ὑμᾶς

- 14 Ale kriye nan pye bondye nou te chwazi yo! Se yo ki pou sove nou lè nou nan ka!
Go, send up your cry for help to the gods of your selection; let them be your saviours in the time of your trouble.
βαδίζετε και βοάτε πρὸς τοὺς θεοὺς οὓς ἐξελέξασθε ἑαυτοῖς και αὐτοὶ σωσάτωσαν ὑμᾶς ἐν καιρῷ θλίψεως ὑμῶν
- 15 Men, moun pèp Izrayèl yo di Seyè a: -Nou fè sa nou pa t' dwe fè: Ou mèt fè nou sa ou vle. Men, tanpri delivre nou jòdi a!
And the children of Israel said to the Lord, We are sinners; do to us whatever seems good to you: only give us salvation this day.
και εἶπαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ πρὸς κύριον ἡμάρτομεν ποιήσον σὺ ἡμῖν κατὰ πάντα ὅσα ἂν ἀρέσκη ἐνώπιόν σου πλην κύριε ἐξελοῦ ἡμᾶς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ
- 16 Apre sa, yo wete tout bondye lòt nasyon yo te gen lakay yo, yo pran sèvi Seyè a. Seyè a pa t' gen kè pou l' wè jan pèp Izrayèl la te nan lapenn.
So they put away the strange gods from among them, and became the Lord's servants; and his soul was angry because of the sorrows of Israel.
και μετέστησαν τοὺς θεοὺς τοὺς ἄλλοτρίους ἐκ μέσου αὐτῶν και ἐλάτρευσαν τῷ κυρίῳ και οὐκ εὐηρέστησεν ἐν τῷ λαῷ και ὀλιγοψύχησεν ἐν τῷ κόπῳ ἰσραηλ
- 17 Lè sa a, lame pèp Amon an sanble, y' al moute kan yo nan peyi Galarad. Lame pèp Izrayèl la menm te sanble tou, yo moute kan yo lavil Mispa.
Then the children of Ammon came together and put their army in position in Gilead. And the children of Israel came together and put their army in position in Mizpah.
και ἀνέβησαν οἱ υἱοὶ αμμων και παρενέβαλον ἐν γαλααδ και ἐξῆλθον οἱ υἱοὶ ἰσραηλ και παρενέβαλον ἐν τῇ μασσηφα
- 18 Pèp peyi Galarad la ak chèf yo t'ap pale, yonn t'ap di lòt: -Moun ki pral mennen batay la kont moun Amon yo, se li menm ki pral chèf tout moun nan peyi Galarad!
And the people of Israel said to one another, Who will be the first to make an attack on the children of Ammon? We will make him head over all Gilead.
και εἶπον οἱ ἄρχοντες τοῦ λαοῦ γαλααδ ἀνὴρ πρὸς τὸν πλησίον αὐτοῦ τίς ἀνὴρ ὃς ἄρξεται πολεμῆσαι ἐν τοῖς υἱοῖς αμμων και ἔσται εἰς κεφαλὴν πᾶσιν τοῖς κατοικοῦσιν γαλααδ
- 1 ¶ Jefe, moun peyi Galarad, te yon vanyan sòlda. Papa l' te rele Galarad. Manman l' te yon jennès.
Now Jephthah the Gileadite was a great man of war; he was the son of a loose woman, and Gilead was his father.
και ἰεφθαε ὁ γαλααδίτης δυνατὸς ἐν ἰσχύι και αὐτὸς ἦν υἱὸς γυναικὸς πόρνης και ἔτεκεν τῷ γαλααδ τὸν ἰεφθαε
- 2 Madan Galarad te fè lòt pitit gason pou mari l'. Men, lè pitit li yo fin gran, yo mete Jefe deyò nan kay la, yo di l' konsa: -Ou pa gen dwa jwenn anyen nan byen papa nou, paske ou se pitit yon jennès.
And Gilead's wife gave birth to sons, and when her sons became men, they sent Jephthah away, saying, You have no part in the heritage of our father's house, for you are the son of another woman.
και ἔτεκεν ἡ γυνὴ γαλααδ αὐτῷ υἱοὺς και ἠδρύνθησαν οἱ υἱοὶ τῆς γυναικὸς και ἐξέβαλον τὸν ἰεφθαε και εἶπον αὐτῷ οὐ κληρονομήσεις ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς ἡμῶν ὅτι γυναικὸς υἱὸς ἐταίρας εἶ σὺ
- 3 Jefe kouri met deyò pou frè l' yo, l' al rete nan peyi Tòb. Yon bann vòryen vin mete tèt ansanm avèk Jefe. Yo te konn soti avè l' al devalize moun.
So Jephthah went in flight from his brothers and was living in the land of Tob, where a number of good-for-nothing men, joining Jephthah, went out with him on his undertakings.
και ἀπέδρα ἰεφθαε ἐκ προσώπου τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ και κατόκησεν ἐν γῆ τωβ και συνελέγοντο πρὸς τὸν ἰεφθαε ἄνδρες λιτοὶ και συνεξεπορεύοντο μετ' αὐτοῦ
- 4 ¶ Kèk tan apre sa, moun Amon yo leve vin fè lagè ak pèp Izrayèl la.
Now after a time the children of Ammon made war against Israel.
και ἐγένετο μεθ' ἡμέρας και ἐπολέμησαν οἱ υἱοὶ αμμων μετὰ ἰσραηλ
- 5 Lè moun Amon yo vin atake pèp Izrayèl la, chèf fanmi peyi Galarad la al cache Jefe nan peyi Tòb pou mennen l' tounen.
And when the children of Ammon made war against Israel, the responsible men of Gilead went to get Jephthah back from the land of Tob;
και ἐγενήθη ἡνίκα ἐπολέμου οἱ υἱοὶ αμμων μετὰ ἰσραηλ και ἐπορεύθησαν οἱ πρεσβύτεροι γαλααδ παραλαβεῖν τὸν ἰεφθαε ἐν γῆ τωβ
- 6 Yo di l' konsa: -Vini non! Pran kòmandman lame nou an pou n' ka goumen ak moun Amon yo.
And they said to Jephthah, Come and be our chief so that we may make war against the children of Ammon.
και εἶπαν πρὸς ἰεφθαε δεῦρο και ἔση ἡμῖν εἰς ἡγούμενον και πολεμήσωμεν ἐν τοῖς υἱοῖς αμμων
- 7 Men, Jefe di chèf fanmi peyi Galarad yo: -Mwen te kwè nou pa vle wè m'? Nou fòse m' kite lakay papa m'! Koulye a nou nan traka, poukisa se mwen menm nou vin jwenn?
But Jephthah said to the responsible men of Gilead, Did you not, in your hate for me, send me away from my father's house? Why do you come to me now when you are in trouble?
και εἶπεν ἰεφθαε τοῖς πρεσβυτέροις γαλααδ οὐχ ὑμέις ἐμισήσατέ με και ἐξεβάλατέ με ἐκ τοῦ οἴκου τοῦ πατρὸς μου και ἐξαπεστείλατέ με ἀφ' ὑμῶν και τί ὅτι ἦλθατε πρὸς με ἡνίκα ἐθλίβητε
- 8 Chèf fanmi peyi Galarad yo di Jefe konsa: -Nou vin jwenn ou koulye a, paske nou bezwen pou ou mache ansanm avèk nou, pou ou goumen ak moun Amon yo, pou ou ka chèf tout moun ki rete nan peyi Galarad la.
And the responsible men of Gilead said to Jephthah, That is the reason we have come back to you; so go with us and make war against the children of Ammon, and we will make you our head over all the people of Gilead.
και εἶπαν οἱ πρεσβύτεροι γαλααδ πρὸς ἰεφθαε οὐχ οὕτως νῦν ἦλθομεν πρὸς σέ και συμπορεύση ἡμῖν και πολεμήσωμεν ἐν τοῖς υἱοῖς αμμων και ἔση ἡμῖν εἰς κεφαλὴν πᾶσιν τοῖς κατοικοῦσιν γαλααδ

- 9 Lè sa a, Jefte di chèf fanmi peyi Galarad yo: -Tansèlman, si nou fè m' tounen lakay pou m' goumen ak moun Amon yo, si Seyè a fè m' kraze yo, se mwen menm k'ap chèf nou tout bon wi!
Then Jephthah said to the responsible men of Gilead, If you take me back to make war against the children of Ammon, and if with the help of the Lord I overcome them, will you make me your head?
καὶ εἶπεν ιεφθαε πρὸς τοὺς πρεσβυτέρους γαλααδ εἰ ἐπιστρέφετέ με ὑμεῖς πολεμήσαι ἐν τοῖς υἱοῖς αμμων καὶ παραδῶ κύριος αὐτοὺς ἐνώπιον ἐμοῦ ἐγὼ ὑμῖν ἔσομαι εἰς κεφαλὴν
- 10 Chèf fanmi peyi Galarad yo di Jefte konsa: -Nou pran Seyè a sèvi nou temwen! N'ap fè tou sa ou sot di la a.
And the responsible men of Gilead said to Jephthah, May the Lord be our witness: we will certainly do as you say.
καὶ εἶπαν οἱ πρεσβύτεροι γαλααδ πρὸς ιεφθαε κύριος ἔσται ὁ ἀκούων ἀνά μέσον ἡμῶν εἰ μὴ κατὰ τὸ ῥήμά σου οὕτως ποιήσομεν
- 11 Se konsa, Jefte ale avèk chèf fanmi peyi Galarad la, epi yo mete l' chèf pou l' gouvènè yo, pou l' kòmande lame yo. Apre sa, Jefte al repete tout kondisyon sa yo devan Seyè a, lavil Mispa.
So Jephthah went with the responsible men of Gilead, and the people made him head and chief over them; and Jephthah said all these things before the Lord in Mizpah.
καὶ ἐπορεύθη ιεφθαε μετὰ τῶν πρεσβυτέρων γαλααδ καὶ κατέστησαν αὐτὸν ἐπ' αὐτῶν εἰς κεφαλὴν εἰς ἡγούμενον καὶ ἐλάλησεν ιεφθαε πάντας τοὺς λόγους αὐτοῦ ἐνώπιον κυρίου ἐν μασσηφα
- 12 ¶ Lèfini, Jefte voye mesaje bay wa moun Amon yo pou di l': -Kisa ou gen avèk nou? Poukisa ou vini goumen ak nou jouk nan peyi nou?
Then Jephthah sent men to the king of the children of Ammon, saying, What have you against me that you have come to make war against my land?
καὶ ἀπέστειλεν ιεφθαε ἀγγέλους πρὸς βασιλέα υἱῶν αμμων λέγων τί ἐμοὶ καὶ σοὶ ὅτι ἤκεις πρὸς με σὺ πολεμήσῃ με ἐν τῇ γῆ μου
- 13 Wa moun Amon yo reponn mesaje Jefte yo: -Se paske pèp Izrayèl la, lè yo soti kite peyi Lejip, yo pran peyi a nan men nou, depi larivyè Anon jouk larivyè Jabòk ak larivyè Jouden. Koulye a se pou yo renmèt nou tè nou san bri san kont.
And the king of the children of Ammon said to the men sent by Jephthah, Because Israel, when he came up out of Egypt, took away my land, from the Arnon as far as the Jabbok and as far as Jordan: so now, give me back those lands quietly.
καὶ εἶπεν βασιλεὺς υἱῶν αμμων πρὸς τοὺς ἀγγέλους ιεφθαε διότι ἔλαβεν ἰσραηλ τὴν γῆν μου ἐν τῇ ἀναβάσει αὐτοῦ ἐξ αἰγύπτου ἀπὸ ἀρνων ἕως ιαβोक καὶ ἕως τοῦ ἰορδάνου καὶ νῦν ἐπίστρεψον αὐτὰς με ἐτ' εἰρήνης
- 14 Jefte voye mesaje yo tounen al jwenn wa moun Amon yo,
And Jephthah sent again to the king of the children of Ammon,
καὶ ἀπέστρεψαν οἱ ἄγγελοι πρὸς ιεφθαε καὶ ἀπέστειλεν ιεφθαε ἀγγέλους πρὸς τὸν βασιλέα υἱῶν αμμων
- 15 avèk repons sa a: -Pèp Izrayèl la pa janm pran ankenn pòsyon nan tè moun Moab yo, ni nan tè moun Amon yo.
And said to him, This is the word of Jephthah: Israel did not take away the land of Moab or the land of the children of Ammon;
λέγων τάδε λέγει ιεφθαε οὐκ ἔλαβεν ἰσραηλ τὴν γῆν μοαβ καὶ τὴν γῆν υἱῶν αμμων
- 16 Paske lè pèp Izrayèl la t'ap kite Lejip, yo te mache nan tout dezè a jouk lanmè Wouj yo, epi yo rive Kadès.
But when they came up from Egypt, Israel went through the waste land to the Red Sea and came to Kadesh;
ἐν τῇ ἀναβάσει αὐτῶν ἐξ αἰγύπτου ἀλλ' ἐπορεύθη ἰσραηλ ἐν τῇ ἐρήμῳ ἕως θαλάσσης ἐρυθρᾶς καὶ ἦλθεν ἕως καδης
- 17 Lè sa a, pèp Izrayèl la voye mesaje bò kote wa peyi Edon an pou di l' konsa: Tanpri, kite nou fè yon ti pase nan peyi a. Men, wa peyi Edon an pa t' vle kite yo pase. Yo te voye tou bò kote wa Moab la. Men, li menm tou, li pa t' vle kite yo pase. Se konsa pèp Izrayèl la rete Kadès.
Then Israel sent men to the king of Edom saying, Let me now go through your land; but the king of Edom did not give ear to them. And in the same way he sent to the king of Moab, but he would not; so Israel went on living in Kadesh.
καὶ ἐξἀπέστειλεν ἰσραηλ ἀγγέλους πρὸς βασιλέα εδωμ λέγων παρελεύσομαι διὰ τῆς γῆς σου καὶ οὐκ ἤκουσεν βασιλεὺς εδωμ καὶ γε πρὸς βασιλέα μοαβ ἀπέστειλεν καὶ οὐκ ἠθέλησεν καὶ ἐκάθισεν ἰσραηλ ἐν καδης
- 18 Apre sa, yo pran mache nan dezè a, yo fè yon detou pou yo pa pase nan peyi Edon an ak nan peyi Moab la. Yo rive sou bò solèy leve peyi Moab la, lòt bò larivyè Anon an. Se la yo moute kan yo pou yo rete. Men, yo pa janm janbe lòt bò larivyè Anon paske se li ki te sèvi fwontyè pou peyi Moab la.
Then he went on through the waste land and round the land of Edom and the land of Moab, and came by the east side of the land of Moab, and put up their tents on the other side of the Arnon; they did not come inside the limit of Moab, for the Arnon was the limit of Moab.
καὶ διῆλθεν ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ ἐκύκλωσεν τὴν γῆν εδωμ καὶ τὴν γῆν μοαβ καὶ παρεγένετο κατ' ἀνατολὰς ἡλίου τῆς γῆς μοαβ καὶ παρενέβαλον ἐν τῷ πέραν ἀρνων καὶ οὐκ εἰσῆλθον εἰς τὸ ὄριον μοαβ ὅτι ἀρνων ἦν ὄριον μοαβ
- 19 Lè sa a pèp Izrayèl la voye mesaje bay Siyon, wa peyi Amori a, ki te rete Esbon. Yo voye mande l' pèmisyon pou yo fè yon ti pase nan peyi l' la pou yo ka rive nan peyi kote yo prale a.
And Israel sent men to Sihon, king of the Amorites, the king of Heshbon; and Israel said to him, Let me now go through your land to my place.
καὶ ἀπέστειλεν ἰσραηλ ἀγγέλους πρὸς σηων βασιλέα εσεβων τὸν αμορραῖον καὶ εἶπεν αὐτῷ ἰσραηλ παρελεύσομαι διὰ τῆς γῆς σου ἕως τοῦ τόπου μου

- 20 Men, Siyon pa t' fè pèp Izrayèl la konfyans, li pa t' kite yo pase. Li sanble tout sòlda li yo, yo vin moute kan yo bò Ajaza, epi yo atake pèp Izrayèl la.
But Sihon would not give way and let Israel go through his land; and Sihon got together all his people, and put his army in position in Jahaz, and made war on Israel.
καὶ οὐκ ἠθέλησεν σηὼν διελθεῖν τὸν ἰσραὴλ διὰ τῶν ὀρίων αὐτοῦ καὶ συνήγαγεν σηὼν πάντα τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ παρενέβαλεν εἰς ἰασσα καὶ ἐπολέμησεν μετὰ ἰσραὴλ.
- 21 Men, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, lage Siyon ansanm ak tout moun li yo nan men pèp Izrayèl la ki bat yo byen bat. Se konsa, pèp Izrayèl la pran peyi a nan men moun Amori yo ki te rete nan zòn lan.
And the Lord, the God of Israel, gave Sihon and all his people into the hands of Israel, and they overcame them; so all the land of the Amorites, the people of that land, became Israel's.
καὶ παρέδωκεν κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ τὸν σηὼν καὶ πάντα τὸν λαὸν αὐτοῦ ἐν χειρὶ ἰσραὴλ καὶ ἐπάταξεν αὐτούς καὶ ἐκληρονόμησεν ἰσραὴλ πᾶσαν τὴν γῆν τοῦ αμορραίου τοῦ κατοικοῦντος ἐν τῇ γῆ
- 22 Yo pran tout peyi moun Amori yo pou yo, soti larivyè Anon bò nan sid jouk larivyè Jabòk bò nan nò, depi dezè a bò solèy leve jouk larivyè Jouden bò solèy kouche.
All the limit of the Amorites was theirs, from the Arnon as far as the Jabbok and from the waste land even to Jordan.
καὶ ἐκληρονόμησεν πᾶν τὸ ὄριον τοῦ αμορραίου ἀπὸ ἀρνων καὶ ἕως τοῦ ἰαβὼκ καὶ ἀπὸ τῆς ἐρήμου καὶ ἕως τοῦ ἰορδάνου
- 23 Konsa, se Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki te mete moun Amori yo deyò pou fè plas pou pèp Izrayèl la, pèp li a.
So now the Lord, the God of Israel, has taken away their land from the Amorites and given it to his people Israel; are you then to have it?
καὶ νῦν κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ ἐξῆρεν τὸν αμορραῖον ἐκ προσώπου τοῦ λαοῦ αὐτοῦ ἰσραὴλ καὶ σὺ κληρονομήσεις αὐτὸν ἐπὶ σοῦ
- 24 Koulye a, ou ta vle reprann tè a nan men Seyè a? Eske ou pa kenbe pou ou tou sa Kemòch, bondye ou la, ba ou? Epi ou ta vle pou nou pa kenbe sa Seyè a, Bondye nou an, ban nou?
Do you not keep the lands of those whom Chemosh your god sends out from before you? So we will keep all the lands of those whom the Lord our God sends out from before us.
οὐχὶ ὅσα κατεκληρονόμησέν σοι χαμὼς ὁ θεὸς σου αὐτὰ κληρονομήσεις καὶ πάντα ὅσα κατεκληρονόμησεν κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἀπὸ προσώπου ἡμῶν αὐτὰ κληρονομήσομεν
- 25 Eske ou pi bon pase Balak, pitit gason Zipò a, wa peyi Moab la? Li pa janm leve dwèt li sou pèp Izrayèl la, li pa janm leve vin goumen ak nou.
What! are you any better than Balak, the son of Zippor, king of Moab? Did he ever take up a cause against Israel or make war against them?
καὶ νῦν μὴ κρείσσων εἶ σὺ τοῦ βαλακ υἱοῦ σεπφὼρ βασιλέως μοαβ μὴ μάχη ἐμαχέσατο μετὰ ἰσραὴλ ἢ πολεμῶν ἐπολέμησεν αὐτοῖς
- 26 Pèp Izrayèl la gen twasanm depi li rete lavil Esbon ak lavil Awoyè ansanm ak tout ti bouk ki sou kont yo, ak tout lavil ki sou de bò larivyè Anon an. Poukisa, depi tout tan sa a, nou pa t' reprann yo?
While Israel was living in Heshbon and its daughter-towns and in Aroer and its daughter-towns and in all the towns which are by the side of the Arnon, for three hundred years, why did you not get them back at that time?
ἐν τῷ οἴκῳ ἰσραὴλ ἐν εσεβὼν καὶ ἐν ταῖς θυγατράσιν αὐτῆς καὶ ἐν ἰαζήρ καὶ ἐν ταῖς θυγατράσιν αὐτῆς καὶ ἐν πάσαις ταῖς πόλεσιν ταῖς παρὰ τὸν ἰορδάνην τριακόσια ἔτη τί ὅτι οὐκ ἐρρύσαντο αὐτούς ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνον
- 27 Non. Mwen pa fè nou anyen, se nou menm ki fè m' lè nou vin fè m' lagè. Se Seyè a sèl moun ki pou jije. L'a deside ant pèp Izrayèl la ak pèp Amori a kilès ki gen rezon!
So I have done no wrong against you, but you are doing wrong to me in fighting against me: may the Lord, who is Judge this day, be judge between the children of Israel and the children of Ammon.
καὶ ἐγὼ οὐχ ἡμαρτόν σοι καὶ σὺ ποιεῖς μετ' ἐμοῦ πονηρίαν τοῦ πολεμήσει ἐν ἐμοὶ κρίναι κύριος ὁ κρίνων σήμερον ἀνὰ μέσον υἱῶν ἰσραὴλ καὶ ἀνὰ μέσον υἱῶν αμμων
- 28 Men, wa moun Amori yo pa t' koute mesaj Jefte te voye ba li a.
The king of the children of Ammon, however, did not give ear to the words which Jephthah sent to him.
καὶ οὐκ εἰσήκουσεν βασιλεὺς υἱῶν αμμων καὶ οὐκ εἰσήκουσεν τῶν λόγων ἰεφθαε ὃν ἀπέστειλεν πρὸς αὐτόν
- 29 ¶ Lespri Seyè a te sou Jefte. Jefte travèse peyi Galarad ak peyi Manase, li tounen lavil Mispa nan peyi Galarad. Apre sa, li kite lavil Mispa, li pase nan peyi Amon an.
Then the spirit of the Lord came on Jephthah, and he went through Gilead and Manasseh, and came to Mizpeh of Gilead; and from Mizpeh of Gilead he went over to the children of Ammon.
καὶ ἐγενήθη ἐπὶ ἰεφθαε πνεῦμα κυρίου καὶ διέβη τὴν γῆν γαλααδ καὶ τὸν μανασση καὶ διέβη τὴν σκοπιὰν γαλααδ καὶ ἀπὸ σκοπιᾶς γαλααδ εἰς τὸ πέραν υἱῶν αμμων
- 30 Jefte te fè Seyè a yon ve. Li te di: -Si ou lage moun Amon yo nan men m',
And Jephthah took an oath to the Lord, and said, If you will give the children of Ammon into my hands,
καὶ ἠῤῥασατο ἰεφθαε εὐχὴν τῷ κυρίῳ καὶ εἶπεν ἐὰν παραδώσει παραδόξ μοι τοὺς υἱοὺς αμμων ἐν χειρὶ μου
- 31 m'ap ofri ou premye moun ki va soti lakay mwen vin kontre m' lè m'a tounen soti kraze moun Amon yo. M'ap boule l' nèt nan dife pou ou.
Then whoever comes out from the door of my house, meeting me when I come back in peace from the children of Ammon, will be the Lord's and I will give him as a burned offering.
καὶ ἔσται ὃς ἂν ἐξέλθῃ ἐκ τῶν θυρῶν τοῦ οἴκου μου εἰς ἀπάντησίν μου ἐν τῷ ἐπιστρέψαι με ἐν εἰρήνῃ ἀπὸ τῶν υἱῶν αμμων καὶ ἔσται τῷ κυρίῳ καὶ ἀνοίσω αὐτὸν ὀλοκαύτωμα
- 32 Se konsa, Jefte janbe lòt bò fwontyè a, li antre nan peyi moun Amon yo, l' al goumen ak yo. Epi Seyè a lage yo nan men l'.
So Jephthah went over to the children of Ammon to make war on them; and the Lord gave them into his hands.
καὶ διέβη ἰεφθαε πρὸς τοὺς υἱοὺς αμμων τοῦ πολεμήσει πρὸς αὐτούς καὶ παρέδωκεν αὐτούς κύριος ἐν χειρὶ αὐτοῦ

- 33 Li bat yo depi lavil Awoyè rive nan tout zòn Minit la jouk Abèl Kiramen. Sa te fè vin lavil antou. Yo te touye anpil moun. Se konsa, moun Amon yo vin soumèt devan pèp Izrayèl la.
And he made an attack on them from Aroer all the way to Minnith, overrunning twenty towns, as far as Abel-cheramim, and put great numbers to the sword. So the children of Ammon were crushed before the children of Israel.
καὶ ἐπάταξεν αὐτοὺς ἀπὸ αρορηρ καὶ ἕως τοῦ ἔλθειν εἰς σεμωιθ εἴκοσι πόλεις ἕως αβελ ἀμπελώνων πληγὴν μεγάλην σφόδρα καὶ ἐνετράπησαν οἱ υἱοὶ αμμων ἀπὸ προσώπου υἱῶν ἰσραηλ.
- 34 Lè Jefte tounen lakay li lavil Mispa, wuala se pitit fi li a ki te soti vin kontre l'. Li t'ap danse, li t'ap jwe tanbouren. Se te sèl pitit li te genyen. Li pa t' gen lòt pitit ankò, ni fi ni gason.
Then Jephthah came back to his house in Mizpah, and his daughter came out, meeting him on his way with music and with dances; she was his only child; he had no other sons or daughters.
καὶ ἦλθεν ἰεφθαε εἰς μασσηφα εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ καὶ ἰδοὺ ἡ θυγάτηρ αὐτοῦ ἐξεπορεύετο εἰς ἀπάντησιν αὐτοῦ ἐν τυμπάνοις καὶ χοροῖς καὶ αὕτη μονογενὴς αὐτῷ ἀγαπητὴ καὶ οὐκ ἔστιν αὐτῷ πλὴν αὐτῆς υἱὸς ἢ θυγάτηρ
- 35 Lè Jefte wè li, li chire rad sou li sitèlman sa te fè l' lapenn, li di: -O pitit fi mwen! Ou touye papa ou. Poukisa se ou menm ki pou fè m' tout lapenn sa a! Mwen te fè yon gwo ve bay Seyè a. Koulye a m' pa ka pa kenbe l'.
And when he saw her he was overcome with grief, and said, Ah! my daughter! I am crushed with sorrow, and it is you who are the chief cause of my trouble; for I have made an oath to the Lord and I may not take it back.
καὶ ἐγενήθη ἠνίακα εἶδεν αὐτὴν καὶ διέρρηξεν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ εἶπεν οἴμοι θυγάτηρ μου ἐμπεποδοστάτηκάς με εἰς σκῶλον ἐγένου ἐν ὀφθαλμοῖς μου ἐγὼ δὲ ἤνοιξα τὸ στόμα μου περὶ σοῦ πρὸς κύριον καὶ οὐ δύνησομαι ἀποστρέψαι
- 36 Pitit fi a di l': -Papa, si ou te fè yon ve bay Seyè a, se pou ou fè m' sa ou te di w'ap fè m' lan, paske Seyè a te ba ou pouwva pou ou tire revanj sou lènmi ou yo.
And she said to him, My father, you have made an oath to the Lord; do then to me whatever you have said; for the Lord has sent a full reward on your haters, on the children of Ammon.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν πάτερ μου εἰ ἐν ἔμοι ἤνοιξας τὸ στόμα σου πρὸς κύριον ποίει μοι ὃν τρόπον ἐξῆλθεν ἐκ τοῦ στόματός σου ἀνθ' ὃν ἐποίησέν σοι κύριος ἐκδικήσεις ἐκ τῶν ἐχθρῶν σου ἐκ τῶν υἱῶν αμμων
- 37 Apre sa li di papa l' konsa: -Yon sèl bagay m'ap mande ou! Ban m' yon ti delè de mwa pou m' al pwonmennen ansanm ak zanmi m' yo nan mòn yo pou m' al kriye, paske mwen pral mourì san m' pa marye.
Then she said to her father, Only do this for me: let me have two months to go away into the mountains with my friends, weeping for my sad fate.
καὶ εἶπεν πρὸς τὸν πατέρα αὐτῆς καὶ ποίησόν μοι τὸ ῥῆμα τοῦτο ἕασόν με δύο μῆνας καὶ πορεύσομαι καὶ καταβήσομαι ἐπὶ τὰ ὄρη καὶ κλαύσομαι ἐπὶ τὰ παρθενία μου καὶ ἐγὼ καὶ αἱ συνεταιρίδες μου
- 38 Jefte kite l' ale pou de mwa. Se konsa, pitit fi Jefte a ansanm ak zanmi l' yo ale nan mòn, y' al kriye paske li tapral mourì tifi.
And he said, Go then. So he sent her away for two months; and she went with her friends to the mountains, weeping for her sad fate.
καὶ εἶπεν πορεύου καὶ ἐξαπέστειλεν αὐτὴν δύο μῆνας καὶ ἐπορεύθη αὐτὴ καὶ αἱ συνεταιρίδες αὐτῆς καὶ ἐκλαυσεν ἐπὶ τὰ παρθενία αὐτῆς ἐπὶ τὰ ὄρη
- 39 Sou de mwa, li tounen vin jwenn papa l' ki fè sa l' te pwomèt fè pou Seyè a. Se konsa, li mourì tifi. Se depi lè sa a sa rete yon koutim nan peyi Izrayèl la,
And at the end of two months she went back to her father, who did with her as he had said in his oath: and she had never been touched by a man. So it became a rule in Israel,
καὶ ἐγένετο μετὰ τέλος δύο μηνῶν καὶ ἀνέκαμψεν πρὸς τὸν πατέρα αὐτῆς καὶ ἐτετέλεσεν ἰεφθαε τὴν εὐχὴν αὐτοῦ ἣν ἠῦξαστο καὶ αὐτὴ οὐκ ἔγνω ἄνδρα καὶ ἐγενήθη εἰς πρόσταγμα ἐν ἰσραηλ
- 40 pou chak lanne medam pèp Izrayèl yo soti al pase kat jou ap kriye pou pitit fi Jefte, moun peyi Galarad la.
For the women to go year by year sorrowing for the daughter of Jephthah the Gileadite, four days in every year.
ἐξ ἡμερῶν εἰς ἡμέρας συνεπορεύοντο αἱ θυγατέρες ἰσραηλ θρηνεῖν τὴν θυγατέρα ἰεφθαε τοῦ γαλααδίτου τέσσαρας ἡμέρας ἐν τῷ ἔνιαυτῷ
- 1 ¶ Lè sa a, moun branch fanmi Efrayim yo reyini ansanm, yo janbe lòt bò larivyè Jouden, y' al lavil Zafon. Yo di Jefte konsa: -Poukisa ou travèsè al goumen ak moun Amon yo san ou pa rele nou ale avè ou? Se poutèt sa, nou pral boule kay ou a sou ou.
Now the men of Ephraim came together and took up arms and went over to Zaphon; and they said to Jephthah, Why did you go over to make war against the children of Ammon without sending for us to go with you? Now we will put your house on fire over you.
καὶ συνήχθησαν οἱ υἱοὶ εφραιμ καὶ ἦλθον εἰς σεφίνα καὶ εἶπον πρὸς ἰεφθαε τί ὅτι ἐπορεύθης πολεμεῖν ἐν τοῖς υἱοῖς αμμων καὶ ἡμᾶς οὐ κέκληκας πορευθῆναι μετὰ σοῦ τὸν οἶκόν σου ἐμπρήσομεν ἐν πυρὶ
- 2 Men Jefte di yo: -Moun pa m' yo ansanm avè m', nou te gen yon gwo kont ak moun Amon yo. Mwen te rele nou, men nou pa t' vle vin delivre m' anba men yo.
And Jephthah said to them, I and my people were in danger, and the children of Ammon were very cruel to us, and when I sent for you, you gave me no help against them.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς ἰεφθαε ἀνὴρ ἀντιδικῶν ἤμην ἐγὼ καὶ ὁ λαός μου καὶ οἱ υἱοὶ αμμων ἐταπεινῶν με σφόδρα καὶ ἐβόησα πρὸς ὑμᾶς καὶ οὐκ ἐσώσατέ με ἐκ χειρὸς αὐτῶν
- 3 Lè m' wè nou pa t' soti pou nou vin pote m' sekou, m' al riske vi m'. Mwen travèsè al goumen ak moun Amon yo, epì Seyè a lage yo nan men m'. Poukisa pou koulye a nou moute jouk lakay mwen vin chache m' kont?
So when I saw that there was no help to be had from you, I put my life in my hand and went over against the children of Ammon, and the Lord gave them into my hands: why then have you come up to me this day to make war on me?
καὶ εἶδον ὅτι οὐκ ἦν ὁ σῶζων καὶ ἐθέμην τὴν ψυχὴν μου ἐν τῇ χειρὶ μου καὶ διέβην πρὸς τοὺς υἱοὺς αμμων καὶ παρέδωκεν αὐτοὺς κύριος ἐν χειρὶ μου καὶ ἴνα τί ἀνέβητε πρὸς με τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ τοῦ πολεμεῖν ἐν ἔμοι

- 4 Lè sa a menm, Jefte sanble tout gason ki nan peyi Galarad la, y' al goumen ak moun Efrayim yo. Yo bat yo byen bat. Moun Efrayim yo te konn joure moun Galarad yo. Yo te konn di: Moun Galarad yo, se yon bann trèt yo ye. Yo kite peyi yo, Efrayim, y' al rete nan peyi Manase a!
Then Jephthah got together all the men of Gilead and made war on Ephraim; and the men of Gilead overcame Ephraim.
καὶ συνήθρουν εφθαε πάντας τοὺς ἄνδρας γαλααδ καὶ ἐπολέμει τὸν εφραιμ καὶ ἐπάταξαν ἄνδρες γαλααδ τὸν εφραιμ ὅτι εἶπαν οἱ διασεσφωσμένοι τοῦ εφραιμ ἡμεῖς γαλααδ ἐν μέσῳ εφραιμ καὶ ἐν μέσῳ μανασση
- 5 Apre sa, moun Galarad yo pran kontwole tout pas larivyè Jouden kote pou janbe ale nan peyi Efrayim. Chak fwa yonn nan moun Efrayim yo rive pou yo kouri janbe al nan peyi yo, li te blije mande yo pèmisyon. Lè konsa, moun Galarad yo mande l' èske se moun Efrayim li ye. Si li reponn non,
And the Gileadites took the crossing-places of Jordan against the Ephraimites; and when any of the men of Ephraim who had gone in flight said, let me go over; the men of Gilead said to him, Are you an Ephraimite? And if he said, No;
καὶ προκατελάβοντο ἄνδρες γαλααδ τὰς διαβάσεις τοῦ ἰορδάνου τοῦ εφραιμ καὶ ἐγενήθη ὅτι εἶπαν οἱ διασεσφωσμένοι τοῦ εφραιμ διαβῶμεν καὶ εἶπαν αὐτοῖς οἱ ἄνδρες γαλααδ μὴ ἡμεῖς ἐκ τοῦ εφραιμ καὶ εἶπαν οὐκ ἐσμεν
- 6 lè sa a yo mande l' pou l' di: Chibolèt. Men li di: Sibolèt paske li pa t' ka rive di l' jan yo di l' la. Lamenn yo mete men sou li, yo touye l' la nan pas la. Lè sa a, yo te touye karann demil (42.000) moun nan branch fanmi Efrayim lan.
Then they said to him, Now say Shibboleth; and he said Sibboleth, and was not able to say it in the right way; then they took him and put him to death at the crossing-places of Jordan; and at that time forty-two thousand Ephraimites were put to death.
καὶ εἶπαν αὐτοῖς εἶπατε δὴ σύνθημα καὶ οὐ κατηύθυναν τοῦ λαλήσαι οὕτως καὶ ἐπέλάβοντο αὐτῶν καὶ ἔσφαζαν αὐτοὺς ἐπὶ τὰς διαβάσεις τοῦ ἰορδάνου καὶ ἔπεσαν ἐξ εφραιμ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ δύο τ εσσαράκοντα χιλιάδες
- 7 Jefte, moun Galarad la, te gouvènen pèp Izrayèl la pandan sizan. Apre sa, li mouri, epi yo antere l' nan lavil kote li te fèt la nan peyi Galarad.
Now Jephthah was judge of Israel for six years. And Jephthah the Gileadite came to his death, and his body was put to rest in his town, Mizpeh of Gilead.
καὶ ἔκρινεν εφθαε τὸν ἰσραηλ ἐξ ἑτῆ καὶ ἀπέθανεν εφθαε ὁ γαλααδίτης καὶ ἐτάφη ἐν τῇ πόλει αὐτοῦ γαλααδ
- 8 ¶ Apre Jefte, se Ibzán, moun lavil Betleyèm, ki te gouvènen pèp Izrayèl la.
And after him, Ibzán of Beth-lehem was judge of Israel.
καὶ ἔκρινεν μετ' αὐτὸν τὸν ἰσραηλ εσεβων ἐκ βαιθλεεμ
- 9 Li te gen trant pitit gason ak trant pitit fi. Li marye trant pitit fi l' yo ak moun ki pa t' nan branch fanmi l' epi li fè chache jenn fi nan lòt branch fanmi pou pitit gason l' yo. Li gouvènen pèp Izrayèl la pandan sètan.
He had thirty sons, and thirty daughters whom he sent to other places, and he got thirty wives from other places for his sons. And he was judge of Israel for seven years.
καὶ ἐγένοντο αὐτῷ τριάκοντα υἱοὶ καὶ τριάκοντα θυγατέρες ἐξαπεσταλμένα ἕξω καὶ τριάκοντα γυναῖκας εἰσήγαγεν τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ ἕξωθεν καὶ ἔκρινεν τὸν ἰσραηλ ἐπτὰ ἑτῆ
- 10 Apre sa, Ibzán mouri, yo antere l' lavil Betleyèm.
And Ibzán came to his death and his body was put to rest at Beth-lehem.
καὶ ἀπέθανεν εσεβων καὶ ἐτάφη ἐν βηθλεεμ
- 11 Apre li, se Elon, moun Zabilon an, ki te gouvènen pèp Izrayèl la pandan dizan.
And after him, Elon the Zebulonite was judge of Israel; and he was judge of Israel for ten years.
καὶ ἔκρινεν μετ' αὐτὸν τὸν ἰσραηλ αιλων ὁ ζαβουλωνίτης καὶ ἔκρινεν τὸν ἰσραηλ δέκα ἑτῆ
- 12 Lè Elon, moun Zabilon an, mouri, yo antere l' lavil Ajalon nan peyi Zabilon.
And Elon the Zebulonite came to his death, and his body was put to rest in Ajalon in the land of Zebulun.
καὶ ἀπέθανεν αιλων ὁ ζαβουλωνίτης ἐν αιλιμ καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν γῆ ζαβουλων
- 13 Apre li, se Abdon, pitit gason Ilèl, moun lavil Piraton, ki t'ap gouvènen pèp Izrayèl la.
And after him, Abdon, the son of Hillel, the Pirathonite, was judge of Israel.
καὶ ἔκρινεν μετ' αὐτὸν τὸν ἰσραηλ λαβδων υἱὸς σελλημ ὁ φρααθωνίτης
- 14 Li te gen karant pitit gason ak trant pitit pitit gason ki te konn moute sou swasann dis ti bourik. Li gouvènen pèp Izrayèl la pandan witan.
He had forty sons and thirty sons' sons who went on seventy young asses; and he was judge of Israel for eight years.
καὶ ἐγένοντο αὐτῷ τεσσαράκοντα υἱοὶ καὶ τριάκοντα υἱοὶ τῶν υἱῶν αὐτοῦ ἐπιβεβηκότες ἐπὶ ἑβδομήκοντα πώλους καὶ ἔκρινεν τὸν ἰσραηλ ὀκτὼ ἑτῆ
- 15 Lè Abdon, pitit gason Ilèl la, mouri, yo antere l' lavil Piraton nan peyi Efrayim, nan mòn moun Amalèk yo.
And Abdon, the son of Hillel, came to his death, and his body was put to rest in Pirathon in the land of Ephraim, in the hill-country of the Amalekites.
καὶ ἀπέθανεν λαβδων υἱὸς σελλημ ὁ φρααθωνίτης καὶ ἐτάφη ἐν φρααθων ἐν γῆ εφραιμ ἐν ὄρει λανακ

- 1 ¶ Moun pèp Izrayèl yo te rekonmanse ankò ap fè sa ki mal nan je Seyè a. Seyè a lage yo nan men moun Filisti yo pandan karantan.
And the children of Israel again did evil in the eyes of the Lord; and the Lord gave them into the hands of the Philistines for forty years.
καὶ προσέθετο οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐναντίον κυρίου καὶ παρέδωκεν αὐτοὺς κύριος ἐν χειρὶ ἀλλοφύλων τεσσαράκοντα ἔτη
- 2 Te gen yon nonm yo te rele Manoak. Se te moun lavil Zora, li te fè pati branch fanmi Dann lan. Madanm li pa t' janm ka fè pitit.
Now there was a certain man of Zorah of the family of the Danites, and his name was Manoah; and his wife had never given birth to a child.
καὶ ἐγένετο ἀνὴρ ἐκ σαραα ἐκ τῆς φυλῆς τοῦ δαν καὶ ὄνομα αὐτῷ μανωε καὶ ἡ γυνὴ αὐτοῦ στεῖρα καὶ οὐκ ἔτικτεν
- 3 Zanj Seyè a parèt devan madanm lan, li di l' konsa: -Ou pa t' janm ka fè pitit, pa vre? Men ou pral vin ansent, ou pral fè yon pitit gason.
And the angel of the Lord came to the woman, and said to her, See now! though you have never given birth to children, you will be with child and give birth to a son.
καὶ ὄφθη ἄγγελος κυρίου πρὸς τὴν γυναῖκα καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὴν ἰδοὺ δὴ σὺ στεῖρα καὶ οὐ τέτοκας καὶ ἐν γαστρὶ ἔξεις καὶ τέξῃ υἴόν
- 4 Piga ou janm bwè diven, ni ankenn lòt bweson ki pou fè ou sou. Nitou, piga ou manje anyen ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye manje.
Now then take care to have no wine or strong drink and to take no unclean thing for food;
καὶ νῦν φύλαξαι καὶ μὴ πίνῃς οἶνον καὶ σικερα καὶ μὴ φάγῃς πᾶν ἀκάθαρτον
- 5 Paske ou pral ansent, ou pral fè yon pitit gason. Piga ou janm koupe cheve nan tèt li, paske depi nan vant manman l', se yon gason k'ap viv apa pou Bondye tankou nazirit yo l'ap ye. Se li menm ki pral konmanse travay pou delivre pèp Izrayèl la anba men moun Filisti yo.
For you are with child and will give birth to a son; his hair is never to be cut, for the child is to be separate to God from his birth; and he will take up the work of freeing Israel from the hands of the Philistines.
ὅτι ἰδοὺ σὺ ἐν γαστρὶ ἔξεις καὶ τέξῃ υἴόν καὶ οὐκ ἀναβήσεται σίδηρος ἐπὶ τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ ὅτι ἡγιασμένον ναζιραῖον ἔσται τῷ θεῷ τὸ παιδάριον ἐκ τῆς γαστρὸς καὶ αὐτὸς ἄρξεται σφάζειν τὸν ἰσραὴλ ἐκ χειρὸς ἀλλοφύλων
- 6 Apre sa, madanm lan antre al di mari l': -Yon moun Bondye te vin bò kote m'. Lè mwen gade l', pou jan li te fè m' pè a ou ta di yon mesaj Bondye. Mwen pa mande l' kote l' soti, ni li pa ban m' non li.
Then the woman came in, and said to her husband, A man came to me, and his form was like the form of a god, causing great fear; I put no question to him about where he came from, and he did not give me his name;
καὶ ἦλθεν ἡ γυνὴ καὶ εἶπεν τῷ ἀνδρὶ αὐτῆς λέγουσα ὅτι ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ ἦλθεν πρὸς με καὶ ἡ ὄρασις αὐτοῦ ὡς ὄρασις ἀγγέλου τοῦ θεοῦ ἐπιφανῆς σφόδρα καὶ ἡρώτων πόθεν ἐστίν καὶ τὸ ὄνομα αὐτῶ οὐκ ἀπήγγειλέν μοι
- 7 Li di m' konsa: Ou pral ansent, ou pral fè yon pitit gason. Piga ou janm bwè diven, ni ankenn lòt bweson ki pou fè ou sou. Ni piga ou manje anyen ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye manje. Paske pitit gason ou lan pral viv apa pou Bondye tankou nazirit yo depi nan vant manman l' jouk jou li mourì.
But he said to me, You are with child and will give birth to a son; and now do not take any wine or strong drink or let anything unclean be your food; for the child will be separate to God from his birth to the day of his death.
καὶ εἶπέν μοι ἰδοὺ σὺ ἐν γαστρὶ ἔξεις καὶ τέξῃ υἴόν καὶ νῦν μὴ πίνῃς οἶνον καὶ σικερα καὶ μὴ φάγῃς πᾶσαν ἀκαθαρσίαν ὅτι ναζιραῖον θεοῦ ἔσται τὸ παιδάριον ἀπὸ τῆς γαστρὸς ἕως ἡμέρας θανάτου αὐτοῦ
- 8 ¶ Lè sa a, Manoak lapriyè Seyè a, li di: -Tanpri, Mèt mwen, fè moun Bondye ou te voye a vin bò kote nou ankò pou l' ka di nou sa pou nou fè pou ti gason ki pral fèt la.
Then Manoah made prayer to the Lord, and said, O Lord, let the man of God whom you sent come to us again and make clear to us what we are to do for the child who is to come.
καὶ ἐδεήθη μανωε τοῦ κυρίου καὶ εἶπεν ἐν ἐμοὶ κύριε ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ ὃν ἀπέστειλας πρὸς ἡμᾶς ἐλθέτω δὴ πρὸς ἡμᾶς καὶ φωτισάτω ἡμᾶς τί ποιήσωμεν τῷ παιδαρίῳ τῷ τικτομένῳ
- 9 Bondye fè sa Manoak te mande l' la vre. Epi mesaj Bondye a vin bò kote madanm lan ki te chita nan yon jaden. Manoak, mari a, pa t' avè l'.
And God gave ear to the voice of Manoah; and the angel of God came to the woman again when she was seated in the field; but her husband Manoah was not with her.
καὶ ἐπήκουσεν ὁ θεὸς τῆς φωνῆς μανωε καὶ παρεγένετο ὁ ἄγγελος τοῦ θεοῦ ἔτι πρὸς τὴν γυναῖκα αὐτῆς καθήμενης ἐν τῷ ἀγρῷ καὶ μανωε ὁ ἀνὴρ αὐτῆς οὐκ ἦν μετ' αὐτῆς
- 10 Madanm lan prese kouri al bay mari l' nouvèl la. Li di li konsa: -Men moun ki te vin bò kote m' lòt jou a parèt devan m' ankò.
So the woman, running quickly, gave her husband the news, saying, I have seen the man who came to me the other day.
καὶ ἐτάχυνεν ἡ γυνὴ καὶ ἐξέδραμεν καὶ ἀπήγγειλεν τῷ ἀνδρὶ αὐτῆς καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν ἰδοὺ ὄπται μοι ὁ ἀνὴρ ὁ ἐλθὼν πρὸς με τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ
- 11 Manoak leve, li swiv madanm li. L' al jwenn nonm lan, epi li di l': -Se ou menm ki te pale ak madanm sa a? Li reponn: -Wi, se mwen.
And Manoah got up and went after his wife, and came up to the man and said to him, Are you the man who was talking to this woman? And he said, I am.
καὶ ἀνέστη μανωε καὶ ἐπορεύθη ὀπίσω τῆς γυναίκος αὐτοῦ πρὸς τὸν ἀνδρα καὶ εἶπεν αὐτῷ εἰ σὺ εἶ ὁ ἀνὴρ ὁ λαλήσας πρὸς τὴν γυναῖκα καὶ εἶπεν ὁ ἄγγελος ἐγώ
- 12 -Manoak di l': -Bon. Lè tou sa ou di yo va rive, kijan pou m' elve ti pitit la? Kisa pou l' fè ak sa pou l' pa fè?
And Manoah said, Now when your words come true, what is to be the rule for the child and what will be his work?
καὶ εἶπεν μανωε νῦν δὴ ἐλθόντος τοῦ ῥήματός σου τί ἔσται τὸ κρίμα τοῦ παιδαρίου καὶ τὰ ἔργα αὐτοῦ

- 13 Mesaje Seyè a di Manoak konsa: -Se pou madanm ou fè tou sa mwen di l' fè a.
And the angel of the Lord said to Manoah, Let the woman take note of what I have said to her.
 και ειπεν ο αγγελος κυριου προς मानωε απο πάντων ὧν ειπα προς την γυναίκα φυλαξάσθω
- 14 Piga li janm manje anyen ki fèt avèk rezen. Piga li janm bwè diven ni ankenn lòt bweson ki pou fè l' sou. Piga li janm manje anyen ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye manje. Se pou li fè tou sa mwen mande l' fè a.
She is to have nothing which comes from the vine for her food, and let her take no wine or strong drink or anything which is unclean; let her take care to do all I have given her orders to do.
 απο πάντων ὅσα ἐκπορεύεται ἐξ ἀμπέλου οὐ φάγεται και οἶνον και σικερα μη πιέτω και πᾶν ἀκάθαρτον μη φαγέτω πάντα ὅσα ἐνετειλάμην αὐτῇ φυλαξάσθω
- 15 ¶ Manoak di mesaje Seyè a: -Tanpri, poko ale. Kite nou kwit yon jenn ti kabrit pou ou.
And Manoah said to the angel of the Lord, Now let us keep you while we make ready a young goat for you.
 και ειπεν मानωε προς τον αγγελον κυριου βιασώμεθα διή σε και ποιήσομεν ἐνώπιόν σου ἔριφον αἰγῶν
- 16 Mesaje Seyè a di Manoak konsa: -Menm si mwen rete mwen p'ap manje manje w'ap ban mwen an. Men si ou vle, touye yon ti kabrit, boule l' nan dife tankou yon ofrann pou Seyè a. Manoak pa t' ankò konnen si se te yon mesaje Seyè a ki te devan l'.
And the angel of the Lord said to Manoah, Though you keep me I will not take of your food; but if you will make a burned offering, let it be offered to the Lord. For it had not come into Manoah's mind that he was the angel of the Lord.
 και ειπεν ο αγγελος κυριου προς मानωε ἐὰν βιάση με οὐ φάγομαι τῶν ἄρτων σου και ἐὰν ποιήσης ὀλοκαύτωμα κυρίῳ ἀνοίσεις αὐτό ὅτι οὐκ ἔγνων मानωε ὅτι αγγελος κυριου ἐστίν
- 17 Manoak di mesaje Seyè a: -Di nou ki jan ou rele pou nou ka fè lwanj pou ou lè pawòl ou di yo va rive vre.
Then Manoah said to the angel of the Lord, What is your name, so that when your words come true we may give you honour?
 και ειπεν मानωε προς τον αγγελον κυριου τί ὀνομά σοι ἵνα ὅταν ἔλθῃ τὸ ῥῆμά σου δοξάσωμέν σε
- 18 Mesaje Seyè a di l': -Poukisa nou vle konnen non m'? Non m' se yon mèvèy.
But the angel of the Lord said to him, Why are you questioning me about my name, seeing that it is a wonder?
 και ειπεν αὐτῷ ο αγγελος κυριου ἵνα τί τοῦτο ἐρωτᾷς τὸ ὀνομά μου και αὐτό ἐστιν θαυμαστόν
- 19 Manoak pran jenn ti kabrit la ak kèk grenn jaden, li mete yo sou lotèl wòch la, li ofri yo pou Seyè a ki fè yon mèvèy devan Manoak ak madanm li ki te rete la ap gade.
So Manoah took the young goat with its meal offering, offering it on the rock to the Lord, who did strange things.
 και ἔλαβεν मानωε τον ἔριφον τῶν αἰγῶν και τὴν θυσίαν και ἀνήνεγκεν ἐπὶ τὴν πέτραν τῷ κυρίῳ τῷ θαυμαστῷ ποιῶντι κυρίῳ και मानωε και ἡ γυνὴ αὐτοῦ ἐθεώρουν
- 20 Pandan flanm dife yo t'ap sotri sou lotèl la moute nan syèl la, Manoak ak madanm li wè mesaje Seyè a moute nan syèl la nan flanm dife a. Lè yo wè sa, yo lage kò yo fas atè.
And when the flame went up to heaven from the altar, the angel of the Lord went up in the flame of the altar, while Manoah and his wife were looking on; and they went down on their faces to the earth.
 και ἐγένετο ἐν τῷ ἀναβῆναι τὴν φλόγα ἐπάνωθεν τοῦ θυσιαστηρίου εἰς τὸν οὐρανὸν και ἀνέβη ο αγγελος κυριου ἐν τῇ φλογί και मानωε και ἡ γυνὴ αὐτοῦ ἐθεώρουν και ἔπεσον ἐπὶ πρόσωπον αὐτῶν ἐπὶ τὴν γῆν
- 21 Manoak ak madanm li pa janm wè mesaje Bondye a ankò. Se lè sa a, Manoak vin konprann se te yon mesaje Seyè a ki te parèt devan yo a.
But the angel of the Lord was seen no more by Manoah and his wife. Then it was clear to Manoah that he was the angel of the Lord.
 και οὐ προσέθηκεν ἔτι ο αγγελος κυριου ὀφθῆναι προς मानωε και προς την γυναίκα αὐτοῦ τότε ἔγνων मानωε ὅτι αγγελος κυριου ἐστίν
- 22 Lè sa a, Manoak di madanm li: -Nou pral mouri, paske nou wè Bondye!
And Manoah said to his wife, Death will certainly be our fate, for it is a god whom we have seen.
 και ειπεν मानωε προς την γυναίκα αὐτοῦ θανάτω ἀποθανούμεθα ὅτι θεὸν ἐωράκαμεν
- 23 Madanm lan di l': -Si Seyè a te vle touye nou, li pa ta asepte ofrann nou fè pou li yo. Li pa ta fè nou wè tout bagay sa yo, ni li pa ta fè nou tande tout pawòl sa yo.
But his wife said to him, If the Lord was purposing our death, he would not have taken our burned offering and our meal offering, or have given us such orders about the child.
 και ειπεν αὐτῷ ἡ γυνὴ αὐτοῦ εἰ ἐβούλετο κύριος θανατώσει ἡμᾶς οὐκ ἂν ἐδέξατο ἐκ τῶν χειρῶν ἡμῶν ὀλοκαύτωμα και θυσίαν και οὐκ ἂν ἐφότισεν ἡμᾶς πάντα ταῦτα και οὐκ ἂν ἀκουστὰ ἐποίησεν ἡ μὴν ταῦτα
- 24 ¶ Apre sa, madanm lan fè yon pitit gason, li rele l' Samson. Pitit la grandi, Seyè a te beni l'.
So the woman gave birth to a son, and gave him the name Samson; and he became a man and the blessing of the Lord was on him.
 και ἔτεκεν ἡ γυνὴ υἱὸν και ἐκάλεσεν τὸ ὀνομα αὐτοῦ σαμψων και ἠυλόγησεν αὐτὸν κύριος και ἠύξηθη τὸ παιδάριον

- 25 Epi Iespri Seyè a konmans travay nan li antan li te nan kan moun Dann yo, ant Soreja ak Ehtawòl.
And the spirit of the Lord first came on him in Mahaneh-dan, between Zorah and Eshtaol.
καὶ ἦρξατο πνεῦμα κυρίου συμπορεύεσθαι αὐτῷ ἐν παρεμβολῇ δαν ἀνά μέσον σαραα καὶ ἀνά μέσον εσθαολ.
- 1 ¶ Yon jou Samson desann ale lavil Timna, li wè yon jenn fi nan moun Filisti yo li renmen.
Now Samson went down to Timnah, and saw a woman in Timnah, of the daughters of the Philistines;
καὶ κατέβη σαμψων εἰς θαμναθα καὶ εἶδεν γυναῖκα ἐν θαμναθα ἐκ τῶν θυγατέρων τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἤρεσεν ἐνόπιον αὐτοῦ
- 2 Li tounen vin di papa l' ak manman l': -Mwen wè lavil Timna yon jenn fi mwen renmen nan moun Filisti yo. Al mande pou li pou mwen.
And when he came back he said to his father and mother, I have seen a woman in Timnah, of the daughters of the Philistines: get her now for me for my wife.
καὶ ἀνέβη καὶ ἀπήγγειλεν τῷ πατρὶ αὐτοῦ καὶ τῇ μητρὶ αὐτοῦ καὶ εἶπεν γυναῖκα ἐώρακα ἐν θαμναθα ἀπὸ τῶν θυγατέρων τῶν ἀλλοφύλων καὶ νῦν λάβετέ μοι αὐτὴν εἰς γυναῖκα
- 3 Manman l' ak papa l' di l' konsa: -Poukisa pou ou ale jouk kay moun Filisti yo, moun ki p'ap sèvi Bondye nou an, pou al chache yon madanm? Ou pa jwenn yon jenn fi nan fanmi ou, osinon nan pèp nou an pou ou marye? Men, Samson reponn papa l': -Tanpri, al fè lademann lan pou mwen, paske se li menm mwen renmen.
Then his father and mother said to him, Is there no woman among the daughters of your relations or among all my people, that you have to go for your wife to the Philistines, who are without circumcision? But Samson said to his father, Get her for me, for she is pleasing to me.
καὶ εἶπεν αὐτῷ ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ ἡ μήτηρ αὐτοῦ μὴ οὐκ ἔστιν ἀπὸ τῶν θυγατέρων τῶν ἀδελφῶν σου καὶ ἐν παντὶ τῷ λαῷ μου γυνὴ ὅτι σὺ πορεύῃ λαβεῖν γυναῖκα ἐκ τῶν ἀλλοφύλων τῶν ἀπεριτιμῆτων καὶ εἶπεν σαμψων πρὸς τὸν πατέρα αὐτοῦ ταύτην λαβέ μοι ὅτι ἤρεσεν ἐν ὄφθαλμοῖς μου
- 4 Papa l' ak manman l' pa t' konnen se Seyè a ki t'ap pouse Samson fè sa pou l' te ka jwenn yon okazyon gen kont ak moun Filisti yo. Lè sa a, se moun Filisti ki te chèf sou moun pèp Izrayèl yo.
Now his father and mother had no knowledge that this was the purpose of the Lord, who had the destruction of the Philistines in mind. Now the Philistines at that time were ruling over Israel.
καὶ ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ ἡ μήτηρ αὐτοῦ οὐκ ἔγνωσαν ὅτι παρὰ κυρίου ἐστὶν ὅτι ἀνταπόδομα αὐτὸς ἐκζητεῖ ἐκ τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ ἀλλοφύλοι ἐκυριεύον τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ.
- 5 Se konsa Samson desann lavil Timna ansanm ak papa l' ak manman l'. Lè yo rive nan jaden rezen ki toupre lavil Timna a, li wè yon jenn lyon ki t'ap gwonde ki t'ap vanse sou li.
Then Samson went down to Timnah (and his father and his mother,) and came to the vine-gardens of Timnah; and a young lion came rushing out at him.
καὶ κατέβη σαμψων καὶ ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ ἡ μήτηρ αὐτοῦ εἰς θαμναθα καὶ ἐξέκλιεν εἰς ἀμπελῶνα θαμναθα καὶ ἰδοὺ σκύμνος λέοντων ὠρυόμενος εἰς ἀπάντησιν αὐτοῦ
- 6 Lamenn, Iespri Seyè a vin sou li. Li vin gen yon sèl fòs, li dechèpiye lyon an pak an pak ak men li tankou si se te yon jenn ti kabrit. Men, li pa rakonte papa l' ak manman l' sa l' te fè a.
And the spirit of the Lord came on him with power, and, unarmed as he was, pulling the lion in two as one might do to a young goat, he put him to death; (but he said nothing to his father and mother of what he had done.)
καὶ κατηύθυνεν ἐπ' αὐτὸν πνεῦμα κυρίου καὶ διέσπασεν αὐτόν ὥσει διασπάσαι ἔριφον αἰγῶν καὶ οὐδὲν ἦν ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ οὐκ ἀπήγγειλεν τῷ πατρὶ αὐτοῦ οὐδὲ τῇ μητρὶ ἃ ἐποίησεν
- 7 Lèfini, l' ale, li pale ak ti fi a, li renmen l'.
So he went down and had talk with the woman; and she was pleasing to Samson.
καὶ κατέβησαν καὶ ἐλάλησαν τῇ γυναικί καὶ ἤρεσεν ἐνόπιον σαμψων
- 8 Kèk tan apre sa, li tounen vin marye avè l'. Sou wout li, li fè yon ti detou pou l' al wè kadav lyon li te touye a. Li tou sezi jwenn yon desen myèl avèk siwo myèl anndan kadav la.
Then after a time he went back to take her; and turning from the road to see the dead body of the lion, he saw a mass of bees in the body of the lion, and honey there.
καὶ ἐπέστρεψεν μεθ' ἡμέρας λαβεῖν αὐτὴν καὶ ἐξέκλιεν ἰδεῖν τὸ πτώμα τοῦ λέοντος καὶ ἰδοὺ συστροφή μελισσῶν ἐν τῷ στόματι τοῦ λέοντος καὶ μέλι ἦν
- 9 Li pran ti moso gato myèl nan men l', li manje ladan l' antan l'ap fè rèz vwayaj la. L' al jwenn manman l' ak papa l', li ba yo rèz gato myèl la, epi yo manje. Men, li pa t' di yo se nan kadav lyon an li te pran l'.
And he took the honey in his hand, and went on, tasting it on the way; and when he came to his father and mother he gave some to them; but did not say that he had taken the honey from the body of the lion.
καὶ ἐξείλεν αὐτὸ εἰς τὸ στόμα αὐτοῦ καὶ ἐπορεύθη πορευόμενος καὶ ἔσθον καὶ ἐπορεύθη πρὸς τὸν πατέρα αὐτοῦ καὶ πρὸς τὴν μητέρα αὐτοῦ καὶ ἔδωκεν αὐτοῖς καὶ ἔφαγον καὶ οὐκ ἀπήγγειλεν αὐτοῖς ὅτι ἐκ τῆς ἕξεως τοῦ λέοντος ἐξείλεν τὸ μέλι
- 10 ¶ Apre sa, papa l' desann ale kay ti fi a. Lè sa a, Samson fè yon bèl resepsyon lakay la. Se konsa jenn gason yo toujou fè lè y'ap marye.
Then Samson went down to the woman, and made a feast there, as was the way among young men.
καὶ κατέβη ὁ πατὴρ αὐτοῦ πρὸς τὴν γυναῖκα καὶ ἐποίησεν ἐκεῖ σαμψων πότον ἡμέρας ἑπτὰ ὅτι οὗτος ἐποίουν οἱ νεανίσκοι
- 11 Lè moun Filisti yo wè l', yo pran trant jenn gason yo voye pou rete avè l'.
And he took thirty friends, and they were with him.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ φοβεῖσθαι αὐτούς αὐτὸν προσκατέστησαν αὐτῷ ἑταίρους τριάκοντα καὶ ἦσαν μετ' αὐτοῦ

- 12 Samson di yo: -Mwen pral ban nou yon kont. Si nou jwenn li anvan sèt jou fèt nòs la fin pase, m'ap ban nou trant bèl varèz ak trant rechanj fèt ak bèl twal.
And Samson said, Now I have a hard question for you: if you are able to give me the answer before the seven days of the feast are over, I will give you thirty linen robes and thirty changes of clothing;
καὶ εἶπεν αὐτοῖς σαμψων προβαλῶ ὑμῖν πρόβλημα καὶ ἐὰν ἀπαγγεῖλητέ μοι τὸ πρόβλημα ἐν ταῖς ἐπτὰ ἡμέραις τοῦ πότου δώσω ὑμῖν τριάκοντα σινδόνας καὶ τριάκοντα στολάς
- 13 Men, si nou pa jwenn li anvan lè sa a, se nou ki pral ban mwen trant varèz ak trant rechanj. Yo di l': -Dakò! Ban nou kont la. Fè nou tande l'.
But if you are not able to give me the answer, then you will have to give me thirty linen robes and thirty changes of clothing. And they said to him, Put your hard question and let us see what it is.
καὶ ἐὰν μὴ δυνασθῆτε ἀπαγγεῖλαι μοι καὶ δώσετε ὑμεῖς ἐμοὶ τριάκοντα σινδόνας καὶ τριάκοντα στολάς ἱματίων καὶ εἶπαν αὐτῷ προβαλοῦ τὸ πρόβλημά σου καὶ ἀκουσόμεθα αὐτοῦ
- 14 Li di yo: -Manje soti nan vant sa ki konn touye pou manje. Sa ki dous soti nan sa ki gen anpil fòs. Twa jou pase, yo pa t' ankò jwenn kont la.
And he said, Out of the taker of food came food, and out of the strong came the sweet. And at the end of three days they were still not able to give the answer.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἐκ τοῦ ἔσθοντος ἐξῆλθεν βρώσις καὶ ἐξ ἰσχυροῦ ἐξῆλθεν γλυκὺ καὶ οὐκ ἠδυνάσθησαν ἀπαγγεῖλαι τὸ πρόβλημα ἐπὶ τρεῖς ἡμέρας
- 15 Sou katriyèm jou a, yo rele madan Samson, yo di l' konsa: -Pran tèt mari ou, fè l' ban nou kont la. Si ou pa fè sa, n'ap mete dife lakay papa ou, n'ap boule l' ansanm avè ou ladan l'! Gen lè se pou eskanmòte tou sa nou genyen ou te envite nou isit la?
So on the fourth day they said to Samson's wife, Get from your husband the answer to his question by some trick or other, or we will have you and your father's house burned with fire; did you get us here to take all we have?
καὶ ἐγένετο ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ τετάρτῃ καὶ εἶπαν τῇ γυναικὶ σαμψων ἀπάτησον δὴ τὸν ἄνδρα σου καὶ ἀπαγγεῖλάτω σοὶ τὸ πρόβλημα μήποτε ἐμπυρῶσόμεν σε καὶ τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς σου ἐν πυρὶ ἢ πτωχὸς εἶσαι ἐκαλέσατε ἡμᾶς
- 16 Se konsa madan Samson al jwenn mari l', li pran kriye sou zepòl li, li di l' konsa: -Ou pa renmen m'! Se rayi ou rayi m'! Ou bay zanmi m' yo yon kont, ou pa janm di m' sa l' vle di! Samson reponn li: -Gade, machè! Mwen pa menm di papa m' ak manman m' sa kont la ye. Atò se ou menm mwen ta di l'?
Then Samson's wife, weeping over him, said, Truly you have no love for me but only hate; you have put a hard question to the children of my people and have not given me the answer. And he said to her, See, I have not given the answer even to my father or my mother; am I to give it to you?
καὶ ἔκλασεν ἡ γυνὴ σαμψων ἐπ' αὐτὸν καὶ εἶπεν αὐτῷ μεμίσσηκάς με καὶ οὐκ ἠγάπηκάς με ὅτι τὸ πρόβλημα ὃ προεβόλου τοῖς υἱοῖς τοῦ λαοῦ μου κάμοι οὐκ ἀπήγγειλας αὐτό καὶ εἶπεν αὐτῇ σαμψων ἰδοὺ τῷ πατρὶ μου καὶ τῇ μητρὶ μου οὐκ ἀπήγγειλα αὐτό καὶ σοὶ ἀπαγγεῖλω
- 17 Pandan tout sèt jou fèt nòs la, li pa t' sispann kriye nan zòrèy Samson. Sou setyèm jou a, Samson ba li sekre kont la paske fanm lan t'ap anbete l' twòp. Lèfini fanm lan soti al di ras li yo sa kont lan vle di.
And all the seven days of the feast she went on weeping over him; and on the seventh day he gave her the answer, because she gave him no peace; and she sent word of it to the children of her people.
καὶ ἔκλασεν ἐπ' αὐτὸν ἐπὶ τὰς ἐπτὰ ἡμέρας ἐν αἷς ἦν ἐν αὐταῖς ὁ πότος καὶ ἐγένετο ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ καὶ ἀπήγγειλεν αὐτῇ ὅτι παρηνόχλησεν αὐτόν καὶ αὐτὴ ἀπήγγειλεν τοῖς υἱοῖς τοῦ λαοῦ αὐτοῦ ἦς
- 18 Se konsa, sou setyèm jou a, anvan Samson antre nan chanm li pou l' al dòmi, mesye lavil yo di l' konsa: -Kisa ki pi dous pase siwo myèl? Kisa ki gen plis fòs pase lyon? Samson di yo: -Si nou pa t' travay tèt madanm mwen, nou pa ta janm jwenn kont mwen an!
Then on the seventh day, before he went into the bride's room, the men of the town said to him, What is sweeter than honey? and what is stronger than a lion? And he said to them, If you had not been ploughing with my cow you would not have got the answer to my question.
καὶ εἶπαν αὐτῷ οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἑβδόμῃ πρὶν δῦνα τὸν ἥλιον τί γλυκύτερον μέλιτος καὶ τί ἰσχυρότερον λέοντος καὶ εἶπεν αὐτοῖς σαμψων εἰ μὴ κατεδαμάσατέ μου τὴν δάμαλιν οὐκ ἂν εὔρετε τὸ πρόβλημά μου
- 19 Lè sa a, lespri Seyè a desann sou Samson pou ba l' fòs. Li pati, l' ale lavil Askalon. Li touye trant gason nan moun lavil la, epi li pran rad ki te sou yo, li pote yo bay mesye ki te jwenn kont lan. Apre sa, li fè yon sèl kòlè, li tounen lakay papa l'.
And the spirit of the Lord came rushing on him, and he went down to Ashkelon and, attacking thirty men there, took their clothing from them, and gave it to the men who had given the answer to his hard question. Then, full of wrath, he went back to his father's house.
καὶ κατεῦθunen ἐπ' αὐτὸν πνεῦμα κυρίου καὶ κατέβη εἰς ἀσκαλῶνα καὶ ἔπαισεν ἐκεῖθεν τριάκοντα ἄνδρας καὶ ἔλαβεν τὰς στολάς αὐτῶν καὶ ἔδωκεν τοῖς ἀπαγγεῖλαισιν τὸ πρόβλημα καὶ ἐθυμώθη ὀργῇ σαμψων καὶ ἀνέβη εἰς τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς αὐτοῦ
- 20 Lè sa a, moun yo rele yonn nan moun ki te avèk Samson yo, sa ki te pi bon zanmi l' lan, yo ba li madan Samson pou madanm li.
But Samson's wife was given to the friend who had been his best man.
καὶ συνώκησεν ἡ γυνὴ σαμψων τῷ νυμφαγωγῷ αὐτοῦ ὃς ἦν ἑταῖρος αὐτοῦ
- 1 ¶ Kèk tan apre sa, pandan rekòt ble a, Samson al rann madanm li vizit. Li te pote yon jenn ti kabrit pou li. Li di bòpè li: -Mwen pral antre nan chanm madanm mwen! Men, bòpè a pa t' kite l' antre.
Now a short time after, at the time of the grain-cutting, Samson, taking with him a young goat, went to see his wife; and he said, I will go in to my wife into the bride's room. But her father would not let him go in.
καὶ ἐγένετο μεθ' ἡμέρας ἐν ἡμέραις θερισμοῦ πυρῶν καὶ ἐπεσκέψατο σαμψων τὴν γυναῖκα αὐτοῦ φέρων ἔριφον αἰγῶν καὶ εἶπεν εἰσελεύσομαι πρὸς τὴν γυναῖκά μου εἰς τὸν κοιτῶνα καὶ οὐκ ἀφήκεν αὐτὸν ὁ πατὴρ αὐτῆς εἰσελθεῖν πρὸς αὐτήν

- 2 Li di Samson konsa: -Mwen te kwè ou te rayi l'! Se konsa, mwen pran l' bay pi bon zanmi ou lan. Men, ti sè l' la pi bèl pase l'. Ou te mèt pran ti sè a nan plas gran sè a.
And her father said, It seemed to me that you had only hate for her; so I gave her to your friend: but is not her younger sister fairer than she? so please take her in place of the other.
καὶ εἶπεν ὁ πατὴρ αὐτῆς εἶπας εἶπα ὅτι μισῶν ἐμίσησας αὐτὴν καὶ ἔδωκα αὐτὴν τῷ συνεταίρῳ σου οὐκ ἰδοῦ ἡ ἀδελφὴ αὐτῆς ἡ νεωτέρα κρείσσων αὐτῆς ἔστιν ἔστω δὴ σοὶ ἀντὶ αὐτῆς
- 3 Samson di yo: -Fwa sa a, si m' fè moun Filisti yo kichòy, piga pesonn vin di m' anyen.
Then Samson said to them, This time I will give payment in full to the Philistines, for I am going to do them great evil.
καὶ εἶπεν αὐτῷ σαμψων ἀθῶός εἰμι τὸ ἅπαξ ἀπὸ τῶν ἀλλοφύλων ὅτι ἐγὼ ποιῶ μεθ' ὑμῶν κακά
- 4 L' ale, li pran twasan (300) chen mawon. Li mare yo nan ke de pa de, ak yon bwa chandèl nan mitan ke yo.
So Samson went and got three hundred foxes and some sticks of fire-wood; and he put the foxes tail to tail with a stick between every two tails;
καὶ ἐπορεύθη σαμψων καὶ συνέλαβεν τριακοσίας ἀλώπεκας καὶ ἔλαβεν λαμπάδας καὶ συνέδησεν κέρκον πρὸς κέρκον καὶ ἔθηκεν λαμπάδα μίαν ἀνὰ μέσον τῶν δύο κέρκων ἐν τῷ μέσῳ
- 5 Apre sa, li mete dife nan bwa chandèl yo, epi li lage chen mawon yo nan jaden ble moun Filisti yo. Dife boule dènye ble moun yo, non sèlman ble ki kase deja yo, men tou ble ki te sou pye toujou.
Dife a boule ata jaden rezen yo ak jaden oliv yo.
Then firing the sticks, he let the foxes loose among the uncut grain of the Philistines, and all the corded stems as well as the living grain and the vine-gardens and the olives went up in flames.
καὶ ἐξῆψεν πῦρ ἐν ταῖς λαμπάσιν καὶ ἐξαπέστειλεν εἰς τὰ δράγματα τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἐνεπύρισε τοὺς στάχους καὶ τὰ προτεθερισμένα ἀπὸ στοιβῆς καὶ ἕως ἐστῶτος καὶ ἕως ἀμπελωνος καὶ ἐλαίας
- 6 Lè sa a, moun Filisti yo mande: -Ki moun ki fè sa? Yo di yo: -Se Samson, bofi nonm lavil Timna a, ki fè l', paske bòpè l' te pran madan Samson, li bay yon bon zanmi Samson. Se konsa moun Filisti yo ale yo boule madanm lan ansanm ak papa l' nan kay la.
Then the Philistines said, Who has done this? And they said, Samson, the son-in-law of the Timnite, because he took his wife and gave her to his friend. So the Philistines came up and had her and her father's house burned.
καὶ εἶπαν οἱ ἀλλόφυλοι τίς ἐποίησεν ταῦτα καὶ εἶπαν σαμψων ὁ γαμβρὸς τοῦ θαυμαθαίου ὅτι ἔλαβεν τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ ἔδωκεν αὐτὴν τῷ συνεταίρῳ αὐτοῦ καὶ ἀνέβησαν οἱ ἀλλόφυλοι καὶ ἐνεπύρισαν τὴν οἰκίαν τοῦ πατρὸς αὐτῆς καὶ αὐτὴν καὶ τὸν πατέρα αὐτῆς ἐν πυρὶ
- 7 Samson di yo: -Anhan! Se konsa nou fè sa? Bon. Mwen p'ap sispann toutotan mwen pa fin fè nou peye sa nou fè m' la a.
And Samson said to them, If you go on like this, truly I will take my full payment from you; and that will be the end of it.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς σαμψων ἐὰν ποιήσητε οὕτως οὐκ εὐδοκήσω ἀλλὰ τὴν ἐκδίκησίν μου ἐξ ἔνός καὶ ἐκάστου ὑμῶν ποιήσομαι
- 8 Se konsa, li atake yo avèk raj, li touye anpil ladan yo. Apre sa, l' ale rete nan yon twou wòch bò lavil Etam.
And he made an attack on them, driving them in uncontrolled flight, and causing great destruction; then he went away to his safe place in the crack of the rock of the rock at Etam.
καὶ ἐπάταξεν αὐτοὺς ἐπὶ μηρὸν πληγὴν μεγάλην καὶ κατέβη καὶ κατόκει παρὰ τῷ χεμάρρῳ ἐν τῷ σπηλαίῳ ἡταμ
- 9 ¶ Moun Filisti yo al moute kan yo nan peyi Jida, epi yo atake lavil Leki.
Then the Philistines went and put up their tents in Judah, all round Lehi.
καὶ ἀνέβησαν οἱ ἀλλόφυλοι καὶ παρεβόλοσαν ἐπὶ τὸν ἰουδα καὶ ἐξερρίφησαν ἐν λεχί
- 10 Moun peyi Jida yo mande yo: -Poukisa nou vin atake nou? Yo reponn: -Nou vin isit la pou n' mare Samson, pou n' fè l' pase menm sa li te fè nou pase a.
And the men of Judah said, Why have you come up against us? And they said, We have come up to take Samson, and to do to him as he has done to us.
καὶ εἶπαν αὐτοῖς πᾶς ἀνὴρ ἰουδα ἵνα τί ἀνέβητε ἐφ' ἡμᾶς καὶ εἶπαν οἱ ἀλλόφυλοι δῆσαι τὸν σαμψων καὶ ποιῆσαι αὐτῷ ὃν τρόπον ἐποίησεν ἡμῖν
- 11 Lè sa a, twamil (3000) gason peyi Jida desann bò twou wòch Etam lan, epi yo di Samson: -Gen lè ou pa konnen se moun Filisti yo ki chèf nan peyi nou an? Poukisa ou fè nou sa? Li reponn yo: -Mwen fè yo menm sa yo te fè m' lan.
Then three thousand of the men of Judah went down to the crack of the rock of Etam, and said to Samson, Is it not clear to you that the Philistines are our rulers? What is this you have done to us?
And he said to them, I only did to them as they did to me.
καὶ κατέβησαν τρεῖς χιλιάδες ἀνδρῶν ἐξ ἰουδα ἐπὶ τὴν ὀπήν τῆς πέτρας ἡταμ καὶ εἶπαν πρὸς σαμψων οὐκ οἶδας ὅτι ἄρχουσιν ἡμῶν οἱ ἀλλόφυλοι καὶ ἵνα τί ταῦτα ἐποίησας ἡμῖν καὶ εἶπεν αὐτοῖς σαμψων ὡν καθὼς ἐποίησαν ἡμῖν οὕτως ἐποίησα αὐτοῖς
- 12 Yo di l': -Nou vin isit la pou nou mare ou, pou nou ka mennan ou bay moun Filisti yo. Samson di yo: -Fè m' sèman nou p'ap touye m', nou menm!
Then they said to him, We have come down to take you and give you up into the hands of the Philistines. And Samson said to them, Give me your oath that you will not make an attack on me yourselves.
καὶ εἶπαν αὐτῷ τοῦ δῆσαι σε κατέβημεν καὶ παραδοῦναι σε εἰς χεῖρας ἀλλοφύλων καὶ εἶπεν αὐτοῖς σαμψων ὁμόσατέ μοι μὴ ἀποκτεῖναι με ὑμεῖς καὶ παράδοτέ με αὐτοῖς μήποτε ἀπαντήσητε ὑμεῖς ἐν ἐμοί

- 13 Yo di l': -O non! N'ap annik mare ou, epi n'ap mennen ou bay moun Filisti yo. Nou p'ap touye ou! Yo pran de kòd tou nèf, yo mare l' byen mare epi yo tounen avè l' soti nan twou wòch la.
And they said, No; we will take you and give you up into their hands, but truly we will not put you to death. So knotting two new cords round him they took him up from the rock.
καὶ ὤμοσαν αὐτῷ λέγοντες οὐχὶ ἀλλὰ δεσμῶ δῆσομέν σε καὶ παραδώσομέν σε εἰς χεῖρας αὐτῶν θανάτῳ δὲ οὐ θανατώσομέν σε καὶ ἔδησαν αὐτὸν δύο καλωδίους καινοῖς καὶ ἀνήγαγον αὐτὸν ἐκ τῆς πέτρης
- 14 Lè yo rive lavil Leki, moun Filisti yo kouri vin kontre avè l', yo t'ap rele sitèlman yo te kontan yo te pran li. Lespri Seyè a desann sou Samson. Epi li kase kòd ki te mare de bra l' yo. Moso kòd yo tonbe atè, ou ta di fil ki boule nan dife.
And when he came to Lehi, the Philistines came out, meeting him with loud cries; then the spirit of the Lord came rushing on him, and the cords on his arms became like grass which has been burned with fire, and the bands came falling off his hands.
καὶ αὐτὸς ἦλθεν ἕως σιαγόνος καὶ οἱ ἀλλόφυλοι ἠλάλαζαν εἰς ἀπάντησιν αὐτοῦ καὶ ἔδραμον εἰς συνάντησιν αὐτοῦ καὶ κατηύθουν ἐπ' αὐτὸν πνεῦμα κυρίου καὶ ἐγένοντο τὰ καλώδια τὰ ἐν τοῖς βραχίονσιν αὐτοῦ ὡσεὶ στιππύον ἡνίκα ἂν ὄσφρανθῆ πυρός καὶ διελύθησαν οἱ δεσμοὶ ἀπὸ τῶν βραχιόνων αὐτοῦ
- 15 Li jwenn zo machwè yon bourik ki te fenk mouri, li lonje men l', li pran l', li touye mil (1000) moun avè l'.
And taking up the mouth-bone of an ass newly dead, which he saw by chance on the earth, he put to death a thousand men with it.
καὶ εὔρεν σιαγόνα ὄνου ἐρριμμένην ἐν τῇ ὁδῷ καὶ ἐξέτεινεν τὴν χεῖρα αὐτοῦ καὶ ἔλαβεν αὐτὴν καὶ ἐπάταξεν ἐν αὐτῇ χιλίους ἀνδρας
- 16 Lèfini, li pran chante, li di: -Avèk yon zo machwè bourik mwen touye mil moun. Avèk yon zo machwè bourik mwen bat yo byen bat.
And Samson said, With a red ass's mouth-bone I have made them red with blood, with a red ass's mouth-bone I have sent destruction on a thousand men.
καὶ εἶπεν σαμψων ἐν σιαγόνῳ ὄνου ἐξαλείφω ἐξήλειψα αὐτούς ὅτι ἐν σιαγόνῳ ὄνου ἐπάταξα χιλίους ἀνδρας
- 17 Lè li fin di sa, li voye zo machwè bourik la jete. Li rele kote l' te ye a: Mòn zo machwè.
And having said these words, he let the mouth-bone go out of his hand; so that place was named Ramath-lehi.
καὶ ἐγένετο ἡνίκα συνετέλεσεν λαλῶν καὶ ἔρριπεν τὴν σιαγόνα ἀπὸ τῆς χειρὸς αὐτοῦ καὶ ἐκάλεσεν τὸν τόπον ἐκεῖνον ἀναίρεσις σιαγόνος
- 18 ¶ Apre sa, Samson vin anvè bwè dlo. Li rele Seyè a, li di: -Ou fin fè m' genyen bèl batay sa a. Koulye a, w'ap kite m' mouri swaf dlo pou bann moun ki p'ap sèvi ou yo mete men sou mwen!
After this, he was in great need of water, and crying out to the Lord, he said, You have given this great salvation by the hand of your servant, and now need of water will be my death; and I will be given into the hands of this people who are without circumcision.
καὶ ἐδίψησεν σφόδρα καὶ ἐβόησεν πρὸς κύριον καὶ εἶπεν σὺ ἔδωκας ἐν χειρὶ τοῦ δούλου σου τὴν σωτηρίαν τὴν μεγάλην ταύτην καὶ νῦν ἀποθανοῦμαι ἐν δίψει καὶ ἐμπεσοῦμαι ἐν χειρὶ τῶν ἀπεριτιμῆτων
- 19 Lè sa a, Bondye louvri yon twou nan tè a bò lavil Leki a, epi dlo pete soti ladan l'. Samson bwè dlo, li santi l' refè. Se poutèt sa yo rele sous sa a Sous Akore. Sous sa a la bò lavil Leki jouk jòdi a.
Then God made a crack in the hollow rock in Lehi and water came out of it; and after drinking, his spirit came back to him and he was strong again; so that place was named En-hakkore; it is in Lehi to this day.
καὶ ἤνοιξεν ὁ θεὸς τὸ τραῦμα τῆς σιαγόνος καὶ ἐξῆλθεν ἐξ αὐτοῦ ὕδατα καὶ ἐπιεν καὶ ἐπέστρεψεν τὸ πνεῦμα αὐτοῦ ἐν αὐτῷ καὶ ἀνέψυξεν διὰ τοῦτο ἐκλήθη τὸ ὄνομα αὐτῆς πηγὴ ἐπίκλητος σιαγόνος ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 20 Samson gouvènè pèp Izrayèl la pandan ventan sou rèy moun Filisti yo.
And he was judge of Israel in the days of the Philistines for twenty years.
καὶ ἔκρινεν τὸν Ἰσραὴλ ἐν ἡμέραις ἀλλοφύλων ἔτη εἴκοσι
- 1 ¶ Yon lè Samson desann lavil Gaza, li wè yon jennès, li antre kay jennès la.
Now Samson went to Gaza, and there he saw a loose woman and went in to her.
καὶ ἐπορεύθη σαμψων ἐκεῖθεν εἰς γάζαν καὶ εἶδεν ἐκεῖ γυναῖκα πόρνην καὶ εἰσῆλθεν πρὸς αὐτήν
- 2 Moun lavil Gaza yo vin konnen Samson te la nan lavil la. Yo mache chache l' toutpatou, yo pase nwit la ap veye l' bò pòtay lavil la. Yo pa fè bri menm tout nwit la. Yo t'ap di nan kè yo: -N'ap tann solèy leve, lè sa a n'a touye l'.
And it was said to the Gazites, Samson is here. So they went round, watching for him all day at the doorway of the town, but at night they kept quiet, saying, When daylight comes we will put him to death.
καὶ ἀπηγγέλη τοῖς γαζαίοις λέγοντες ἦκει σαμψων ἐνταῦθα καὶ ἐκύκλωσαν καὶ ἐνήδρευσαν αὐτὸν ὅλην τὴν νύκτα ἐπὶ τῆς πύλης τῆς πόλεως καὶ ἐκόφευσαν ὅλην τὴν νύκτα λέγοντες ἕως φωτὸς πρωὶ μείνωμεν καὶ ἀποκτείνωμεν αὐτόν

- 3 Samson rete kouche jouk nan mitan lannwit lan. Lè sa a, li leve, li pran de batan pòtay lavil la, li rache yo ansanm ak tout montan yo ak bwa travès ki te pase dèyè batan yo. Li mete yo sou zepòl li, li pote yo ale sou tèt mòn ki anfas lavil Ebwon an.
 And Samson was there till the middle of the night; then he got up, and took a grip on the doors of the town, pulling them up, together with their two supports and their locks, and put them on his back and took them up to the top of the hill in front of Hebron.
 και ἐκοιμήθη σαμψων ἕως τοῦ μεσονυκτίου καὶ ἀνέστη περὶ τὸ μεσονύκτιον καὶ ἐπελάβετο τῶν θυρῶν τῆς πόλης τῆς πόλεως καὶ τῶν δύο σταθμῶν καὶ ἀνεβάστασεν αὐτάς σὺν τῷ μοχλῷ καὶ ἐπέθηκεν ἐπὶ τῷ ὄμῳ αὐτοῦ καὶ ἀνήνεγκεν αὐτὰ ἐπὶ τὴν κορυφὴν τοῦ ὄρους ὃ ἐστὶν ἐπὶ πρόσωπον χειρῶν καὶ ἔθηκεν αὐτὰ ἐκεῖ
- 4 ¶ Aprè sa, Samson tonbe damou pou yon fanm ki te rete nan Ravin Sorèk. Fanm lan te rele Dalila.
 Now after this, he was in love with a woman in the valley of Sorek, named Delilah.
 καὶ ἐγένετο μετὰ ταῦτα καὶ ἠγάπησεν γυναῖκα ἐπὶ τοῦ χειμάρρου σωρηχ καὶ ὄνομα αὐτῆ δαλιλα
- 5 Gwo chèf moun Filisti yo al jwenn Dalila, yo di l' konsa: -Pran tèt Samson! Chache konnen sa ki ba li tout fòs sa a, kijan nou ka met men sou li. N'a mare l' anba kòd, n'a rann li san fòs. Lèfini, nou chak n'a ba ou milsan (1.100) pyès lajan.
 And the chiefs of the Philistines came up to her, and said to her, Make use of your power over him and see what is the secret of his great strength, and how we may get the better of him, and put bands on him, so that we may make him feeble; and every one of us will give you eleven hundred shekels of silver.
 καὶ ἀνέβησαν πρὸς αὐτήν οἱ σατράπαι τῶν ἀλλοφύλων καὶ εἶπαν αὐτῇ ἀπάτησον αὐτὸν καὶ ἰδὲ ἐν τίνι ἡ ἰσχὺς αὐτοῦ ἐστὶν ἢ μεγάλη καὶ ἐν τίνι δυνησόμεθα πρὸς αὐτὸν καὶ δήσομεν αὐτὸν ὥστε ταπεινῶσαι αὐτὸν καὶ ἡμεῖς δώσομέν σοι ἀνὴρ χιλίους καὶ ἑκατὸν ἀργυρίου
- 6 Se konsa, Dalila al di Samson: -Tanpri, di m' sa ki ba ou tout fòs sa a. Manyè di m' kouman yo ta ka mare ou pou kraze kouraj ou.
 So Delilah said to Samson, Make clear to me now what is the secret of your great strength, and how you may be put in bands and made feeble.
 καὶ εἶπεν δαλιλα πρὸς σαμψων ἀνάγγελόν μοι ἐν τίνι ἡ ἰσχὺς σου ἢ μεγάλη καὶ ἐν τίνι δεθήσῃ τοῦ ταπεινωθῆναί σε
- 7 Samson reponn li: -Si yo mare m' avèk sèt kòd tou nèf ki poko fin cheche m'ap pèdi tout fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun.
 And Samson said to her, If seven new bow-cords which have never been made dry are knotted round me, I will become feeble and will be like any other man.
 καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὴν σαμψων ἐὰν δήσωσίν με ἐν ἑπτὰ νευραῖς ὑγραῖς μὴ ἠρημωμέναις καὶ ἀσθενήσω καὶ ἔσομαι ὡς εἷς τῶν ἀνθρώπων
- 8 Chèf moun Filisti yo pote sèt kòd tou nèf ki pa t' ankò fin cheche bay Dalila. Dalila mare Samson avèk kòd yo.
 So the chiefs of the Philistines gave her seven new bow-cords which had never been made dry, and she had them tightly knotted round him.
 καὶ ἀνήνεγκαν αὐτῇ οἱ σατράπαι τῶν ἀλλοφύλων ἑπτὰ νευράς ὑγράς μὴ ἠρημωμένας καὶ ἔδησεν αὐτὸν ἐν αὐταῖς
- 9 Li te fè kèk moun kache nan yon lòt chanm, epi li rete konsa, li di: -Samson! Men moun Filisti yo sou ou! Samson kase kòd yo. Moso kòd yo tonbe atè ou ta di fil boule nan dife. Konsa yo pa t' rive konnen sa ki te ba l' tout fòs sa a.
 Now she had men waiting secretly in the inner room; and she said to him, The Philistines are on you, Samson. And the cords were broken by him as a twist of thread is broken when touched by a flame. So the secret of his strength did not come to light.
 καὶ τὸ ἔνεδρον αὐτοῦ ἐκάθητο ἐν τῷ ταμειῷ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν ἀλλόφυλοι ἐπὶ σέ σαμψων καὶ διέρρηξεν τὰς νευράς ὃν τρόπον διασπᾶται κλωσμα τοῦ ἀποτινάγματος ἐν τῷ ὄσφρανθῆναι πυρός καὶ οὐκ ἐγνώσθη ἡ ἰσχὺς αὐτοῦ
- 10 Dalila di Samson: -Gade jan ou pase m' nan betiz! On ban m' manti! Tanpri, di m' non! Ki jan yo ka mare ou!
 Then Delilah said to Samson, See, you have been making sport of me with false words; now, say truly how may you be put in bands?
 καὶ εἶπεν δαλιλα πρὸς σαμψων ἰδοὺ παρελογίσω με καὶ ἐλάλησας πρὸς με ψευδῆ νῦν οὖν ἀνάγγελον δὴ μοι ἐν τίνι δεθήσῃ
- 11 Samson di l' konsa: -Si yo mare m' ak kòd tou nèf ki poko janm sèvi pou fè ankenn travay, m'ap pèdi tout fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun.
 And he said to her, If they only put round me new thick cords which have never been used, then I will become feeble and will be like any other man.
 καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὴν ἐὰν δεσμῶ δὴσωσίν με ἐν ἑπτὰ καλωδίοις καινοῖς ἐν οἷς οὐκ ἐγενήθη ἔργον καὶ ἀσθενήσω καὶ ἔσομαι ὡς εἷς τῶν ἀνθρώπων
- 12 Dalila pran kèk kòd tou nèf, li mare Samson avèk yo, epi li di: -Samson! Men moun Filisti yo sou ou! Li te mete moun yo kache nan lòt chanm lan. Men, Samson kase kòd ki te mare bra l' yo tankou si se te fil yo te ye.
 So Delilah took new thick cords, knotting them tightly round him, and said to him, The Philistines are on you, Samson. And men were waiting secretly in the inner room. And the cords were broken off his arms like threads.
 καὶ ἔλαβεν αὐτῷ δαλιλα καλωδία καινὰ καὶ ἔδησεν αὐτὸν ἐν αὐτοῖς καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν οἱ ἀλλόφυλοι ἐπὶ σέ σαμψων καὶ τὸ ἔνεδρον ἐκάθητο ἐν τῷ ταμειῷ καὶ διέσπασεν αὐτὰ ἀπὸ τῶν βραχιόνων αὐτοῦ ὡς ῥάμμα

- 13 Dalila di Samson: -W'ap pase m' nan betiz toujou. W'ap ban m' manti. Tanpri, moutre m' kijan yo ka mare ou. Samson di l': -Si ou pran sèt très cheve m' yo ou trespase yo ansanm epi ou kenbè yo ak yon gwo peny, m'ap pèdi tout fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun.
Then Delilah said to Samson, Up to now you have made sport of me with false words; now say truly, how may you be put in bands? And he said to her, If you get the seven twists of my hair worked into the cloth you are making and fixed with the pin, I will become feeble and will be like any other man.
καὶ εἶπεν δαλίλα πρὸς σαμμων ἕως νῦν παρελογίσω με καὶ ἐλλάησας πρὸς με ψευδῆ ἀνάγγελον δὴ μοι ἐν τίνι δεθήσῃ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὴν ἐὰν ὑφάνῃς τὰς ἑπτὰ σειρὰς τῆς κεφαλῆς μου μετὰ τοῦ διαύματος καὶ ἐγκρούσῃς ἐν τῷ πασσάλῳ εἰς τὸν τοῖχον καὶ ἔσομαι ἀσθενὴς ὡς εἰς τῶν ἀνθρώπων
- 14 Dalila fè l' dòmi. Li trespase sèt très cheve l' yo ansanm, li sere yo byen sere avèk yon gwo peny, epi li rele: -Samson! Men moun Filisti yo sou ou! Samson leve, li rache peny lan, li detrespase cheve l' yo.
So while he was sleeping she got the seven twists of his hair worked into her cloth and fixed with the pin, and said to him, The Philistines are on you, Samson. Then awaking from his sleep, he got up quickly, pulling up cloth and machine together.
καὶ ἐκοίμισε αὐτὸν δαλίλα καὶ ἐδιάσατο τοὺς ἑπτὰ βοστρύχους τῆς κεφαλῆς αὐτοῦ μετὰ τῆς ἐκτάσεως καὶ κατέκρουσεν ἐν τοῖς πασσάλοις εἰς τὸν τοῖχον καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν οἱ ἀλλόφυλοι ἐπὶ σέ σάμμων καὶ ἐξηγέρθη ἐκ τοῦ ὕπνου αὐτοῦ καὶ ἐξέσπασεν τοὺς πασσάλους σὺν τῷ ὑφάσματι ἐκ τοῦ τοῖχου καὶ τὸ διάσμα καὶ οὐκ ἐγνώσθη ἡ ἰσχὺς αὐτοῦ
- 15 Dalila di l' konsa: -Ou pa bezwen di ou renmen m' menm, paske ou pa sensè avè m'. Sa fè twa fwa ou pase m' nan betiz. Ou pa janm di m' ki bò ou jwenn tout fòs sa a.
And she said to him, Why do you say you are my lover when your heart is not mine? Three times you have made sport of me, and have not made clear to me the secret of your great strength.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν δαλίλα πῶς εἶπες ἡγάπηκά σε καὶ ἡ καρδία σου οὐκ ἔστιν μετ' ἐμοῦ τοῦτο τρίτον παρελογίσω με καὶ οὐκ ἀπήγγειλάς μοι ἐν τίνι ἡ ἰσχὺς σου ἢ μεγάλη
- 16 Chak jou li rete la nan kò Samson, l'ap plenyen nan tèt li. Samson pa t' kapab ankò, rete pou l' te mouri.
So day after day she gave him no peace, for ever questioning him till his soul was troubled to death.
καὶ ἐγένετο ὅτε κατειργάσατο αὐτὸν τοῖς λόγοις αὐτῆς ὅλην τὴν νύκτα καὶ παρηνώγλησεν αὐτὸν καὶ ὀλιγοψύχησεν ἕως εἰς θάνατον
- 17 Bout pou bout li ba li sekrè a, li di l' konsa: -Mwen pa janm koupe cheve nan tèt mwen. Se yon nazirit mwen ye, yo mete m' apa pou Bondye depi nan vant manman m'. Si yo koupe tout cheve nan tèt mwen, m'ap pèdi tout fòs mwen, m'ap tankou nenpòt ki moun.
And opening all his heart to her, he said to her, My head has never been touched by a blade, for I have been separate to God from the day of my birth: if my hair is cut off, then my strength will go from me and I will become feeble, and will be like any other man.
καὶ ἀπήγγειλεν αὐτῇ πάντα τὰ ἀπὸ καρδίας αὐτοῦ καὶ εἶπεν αὐτῇ ξυρὸν οὐκ ἀναβήσεται ἐπὶ τὴν κεφαλὴν μου ὅτι ναζιραῖος θεοῦ ἐγώ εἰμι ἐκ κοιλίας μητρός μου καὶ ἐὰν ξυρήσωμαι ἀποστήσεται ἀπ' ἐμοῦ ἡ ἰσχὺς μου καὶ ἀσθενήσω καὶ ἔσομαι κατὰ πάντα τοὺς ἀνθρώπους
- 18 ¶ Lè Dalila wè Samson te ba l' sekrè a, li voye rele chèf moun Filisti yo, li di yo: -Fwa sa a, nou mèt vini, paske li ban m' sekrè a. Chèf moun Filisti yo vin jwenn li. Yo tou pote lajan an avèk yo.
And when Delilah saw that he had let her see into his heart, she sent word to the chiefs of the Philistines saying, Come up this time, for he has let out all his heart to me. Then the chiefs of the Philistines came to her, with the money in their hands.
καὶ εἶδεν δαλίλα ὅτι ἀνήγγειλεν αὐτῇ πάντα τὰ ἀπὸ καρδίας αὐτοῦ καὶ ἀπέστειλεν καὶ ἐκάλεσεν πάντας τοὺς σατράπας τῶν ἀλλοφύλων λέγουσα ἀνάβητε τὸ ἅπαξ ὅτι ἀνήγγειλέν μοι πᾶσαν τὴν καρδίαν αὐτοῦ καὶ ἀνέβησαν πρὸς αὐτὴν πᾶσαι αἱ σατραπῖαι τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἤνεγκαν τὸ ἀργύριον ἐν ταῖς χερσὶν αὐτῶν
- 19 Dalila fè dòmi pran Samson sou jenou l', li fè rele yon nonm ki koupe sèt très cheve Samson yo ra. Epi li sere fè fòs ak li. Men Samson te pèdi tout fòs li.
And she made him go to sleep on her knees; and she sent for a man and had his seven twists of hair cut off; and while it was being done he became feeble and his strength went from him.
καὶ ἐκοίμισε αὐτὸν ἀνα μέσον τῶν γονάτων αὐτῆς καὶ ἐκάλεσεν τὸν κουρέα καὶ ἐξύρῃσεν τοὺς ἑπτὰ βοστρύχους τῆς κεφαλῆς αὐτοῦ καὶ ἤρξατο ταπεινοῦσθαι καὶ ἀπέστη ἡ ἰσχὺς αὐτοῦ ἀπ' αὐτοῦ
- 20 Lè sa a, Dalila rele: -Samson! Men moun Filisti yo sou ou! Msye leve, li t'ap di nan kè l' l'ap soti anba kòd yo, l'ap met deyò tankou lòt fwa yo. Men, li pa t' konnen Seyè a pa t' avè l' ankò.
Then she said, The Philistines are on you, Samson. And awaking from his sleep, he said, I will go out as at other times, shaking myself free. But he was not conscious that the Lord had gone from him.
καὶ εἶπεν αὐτῇ δαλίλα οἱ ἀλλόφυλοι ἐπὶ σέ σαμμων καὶ ἐξηγέρθη ἐκ τοῦ ὕπνου αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἐξελεύσομαι καὶ ποιήσω καθὼς αἰεὶ καὶ ἀποτινάξομαι καὶ αὐτὸς οὐκ ἔγνω ὅτι κύριος ἀπέστη ἀπ' αὐτοῦ
- 21 Moun Filisti yo mete men sou li, epi yo pete de grenn je l' yo. Yo mennen l' lavil Gaza, yo mare l' avèk de gwo chenn an asye. Se li menm yo te fè vire gwo wòl moulen prizon an.
So the Philistines took him and put out his eyes; then they took him down to Gaza, and, chaining him with bands of brass, put him to work crushing grain in the prison-house.
καὶ ἐπέλαβοντο αὐτοῦ οἱ ἀλλόφυλοι καὶ ἐξώρυσαν τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτοῦ καὶ κατήγαγον αὐτὸν εἰς γάζαν καὶ ἔδησαν αὐτὸν ἐν πέδαις χαλκαῖς καὶ ἦν ἀλήθων ἐν οἴκῳ τῆς φυλακῆς
- 22 ¶ Men, cheve l' te konmanse pou ankò.
But the growth of his hair was starting again after it had been cut off.
καὶ ἤρξατο ἡ θριξ τῆς κεφαλῆς αὐτοῦ ἀνατεῖλαι ἡνῖκα ἐξυρήθη
- 23 Aprè sa, yon jou, chèf moun Filisti yo te reyini pou fè yon gwo sèvis pou Dagon, bondye yo a. Yo t'ap fè fèt. Yo t'ap di: -Bondye nou an lage Samson, lènmi nou an, nan men nou.
And the chiefs of the Philistines came together to make a great offering to Dagon their god, and to be glad; for they said, Our god has given into our hands Samson our hater.
καὶ οἱ σατράπαι τῶν ἀλλοφύλων συνήχθησαν τοῦ θύσαι θυσίαν μεγάλην δαγῶν τῷ θεῷ αὐτῶν καὶ τοῦ εὐφρανθῆναι καὶ εἶπαν παρέδωκεν ὁ θεὸς ἡμῶν ἐν χειρὶ ἡμῶν σαμμων τὸν ἐχθρὸν ἡμῶν

- 24 Lè pèp la te wè Samson, yo t'ap fè lwanj pou bondye yo a. Yo t'ap di: -Bondye nou an fè nou mete men sou Samson lènmi nou an ki t'ap devaste peyi a, ki t'ap touye tout moun sa yo nan mitan nou. **And when the people saw him, they gave praise to their god; for they said, Our god has given into our hands the one who was fighting against us, who made our country waste, and who put great numbers of us to death.**
καὶ εἶδεν αὐτὸν ὁ λαὸς καὶ ἤνεσαν τοὺς θεοὺς αὐτῶν καὶ εἶπαν παρέδωκεν ὁ θεὸς ἡμῶν τὸν ἐχθρὸν ἡμῶν ἐν χειρὶ ἡμῶν καὶ τὸν ἐξερημοῦντα τὴν γῆν ἡμῶν ὅστις ἐπλήθυνεν τοὺς τραυματίας ἡμῶν
- 25 Kè tout moun te kontan. Yo di konsa: -Fè chache Samson pou n' ka pran plezi nou ak li. Y' al chache Samson nan prizon an, yo mennen l' devan yo pou yo te ka pran plezi yo avè l'. Yo mete msye nan mitan de gwo pote. **Now when their hearts were full of joy, they said, Send for Samson to make sport for us. And they sent for Samson out of the prison-house, and he made sport before them; and they put him between the pillars.**
καὶ ἐγένετο ὅτε ἠγαθύνθη ἡ καρδία αὐτῶν καὶ εἶπαν καλέσατε τὸν σαμψων ἐξ οἴκου φυλακῆς καὶ παιζάτω ἐνώπιον ἡμῶν καὶ ἐκάλεσαν τὸν σαμψων ἐξ οἴκου τῆς φυλακῆς καὶ ἐνέπαιζον αὐτῷ καὶ ἔστησαν αὐτὸν ἀνά μέσον τῶν δύο στύλων
- 26 Samson di ti bway ki te kenbe men l' lan: -Mennen m' bò de gwo pote ki kenbe tout tanp lan. Mete men m' sou yo pou m' ka fè yon ti apiye. **And Samson said to the boy who took him by the hand, Let me put my hand on the pillars supporting the house, so that I may put my back against them.**
καὶ εἶπεν σαμψων πρὸς τὸ παιδάριον τὸν χειραγωγοῦντα αὐτὸν ἐπανάπαυσόν με δὴ καὶ ποίησον ψηλαφησαί με ἐπὶ τοὺς στύλους ἐφ' ὧν ὁ οἶκος ἐπεστήρικται ἐπ' αὐτῶν καὶ ἐπιστηρίσομαι ἐπ' αὐτούς ὁ δὲ παῖς ἐποίησεν οὕτως
- 27 Tanp lan te plen moun, fanm kou gason. Tout chèf moun Filisti yo te la. Te gen twamil (3.000) moun konsa, fanm kou gason, anwo twati a ki t'ap gade Samson, ki t'ap pran plezi yo ak li. **Now the house was full of men and women; and all the lords of the Philistines were there; and about three thousand men and women were on the roof, looking on while Samson made sport.**
ὁ δὲ οἶκος ἦν πλήρης ἀνδρῶν καὶ γυναικῶν καὶ ἐκεῖ πάντες οἱ σατράπαι τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἐπὶ τοῦ δώματος ὡσεὶ τρισχίλιοι ἄνδρες καὶ γυναῖκες ἐμβλέποντες ἐμπαιζόμενον τὸν σαμψων
- 28 Lè sa a, Samson lapriyè nan pye Bondye, li di: -O Bondye Seyè! Tanpri, chonje m' non jòdi a! Tanpri, Bondye, ban m' fòs ankò pou yon dènye fwa, pou m' ka fè moun Filisti yo peye yon grenn kou pou de je m' yo pete a. **And Samson, crying out to the Lord, said, O Lord God, do have me now in mind, and do make me strong only this once, O God, so that I may take one last payment from the Philistines for my two eyes.**
καὶ ἐβόησεν σαμψων πρὸς κύριον καὶ εἶπεν κύριε κύριε μνήσθητί μου καὶ ἐνίσχυσόν με δὴ πλὴν ἔτι τὸ ἅπαξ τοῦτο καὶ ἐκδικήσω ἐκδίκησιν μίαν ἀντὶ τῶν δύο ὀφθαλμῶν μου ἐκ τῶν ἀλλοφύλων
- 29 Epi Samson mete men l' sou de gwo pote mitan ki te kenbe tout tanp lan. Li apiye yon men l' sou chak. **Then Samson put his arms round the two middle pillars supporting the house, putting his weight on them, on one with his right hand and on the other with his left.**
καὶ περιέλαβεν σαμψων τοὺς δύο στύλους τοὺς μέσους ἐφ' ὧν ὁ οἶκος ἐπεστήρικτο ἐπ' αὐτῶν καὶ ἐπεστηρίσατο ἐπ' αὐτοῖς ἓνα ἐν τῇ δεξιᾷ αὐτοῦ καὶ ἓνα ἐν τῇ ἀριστερᾷ αὐτοῦ
- 30 Epi li di: -M' te mèt mouri ansanm ak moun Filisti yo. Li pouse ak tout fòs li sou pote yo, epi tanp lan tonbe sou tout chèf yo ak sou tout moun ki te la yo. Jou li mouri a, li te touye plis moun pase kantite moun li te touye pandan lavi li. **And Samson said, Let death overtake me with the Philistines. And he put out all his strength, and the house came down on the chiefs and on all the people who were in it. So the dead whom he sent to destruction by his death were more than all those on whom he had sent destruction in his life.**
καὶ εἶπεν σαμψων ἀποθανέτω ἡ ψυχή μου μετὰ τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἔκλινεν ἐν ἰσχύϊ καὶ ἔπεσεν ὁ οἶκος ἐπὶ τοὺς σατράπαις καὶ ἐπὶ πάντα τὸν λαὸν τὸν ἐν αὐτῷ καὶ ἐγένοντο οἱ τεθνηκότες οὗς ἐθανάτωσεν σαμψων ἐν τῷ θανάτῳ αὐτοῦ πλείους ὑπὲρ οὗς ἐθανάτωσεν ἐν τῇ ζωῇ αὐτοῦ
- 31 Frè l' yo ansanm ak tout fanmi l' yo desann vin pran kadav la. Yo pote l' tounen lakay yo, yo antere l' nan kavo Manoak, papa li, ant lavil Soreja ak lavil Ehtawòl. Li te pase ventan (20 an) ap gouvènen moun pèp Izrayèl la. **Then his brothers and his father's people came down and took him up and put his body to rest in the earth between Zorah and Eshtaol in the resting-place of Manoah his father. And he had been judge of Israel for twenty years.**
καὶ κατέβησαν οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ καὶ πᾶς ὁ οἶκος τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ἔλαβον αὐτὸν καὶ ἀνέβησαν καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἀνά μέσον σαραα καὶ ἀνά μέσον εσθαολ ἐν τῷ τάφῳ μανωε τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ἰ αὐτὸς ἔκρινεν τὸν ἰσραηλ εἰκοσι ἔτη
- 1 ¶ Te gen yon nonm yo te rele Mika ki te rete nan mòn peyi Efrayim yo. **Now there was a man of the hill-country of Ephraim named Micah.**
καὶ ἐγένετο ἀνὴρ ἐξ ὄρους εφραιμ καὶ ὄνομα αὐτῷ μιχα
- 32 Moun Benjamen yo t'ap di: -Nou bat yo ankò, tankou lòt fwa yo. Men, moun pèp Izrayèl yo t'ap di: -Ann kouri devan yo sou wout andeyò yo pou yo ka kite lavil la byen lwen deyè yo.
And the children of Benjamin said, They are giving way before us as at first. But the children of Israel said, Let us go in flight and get them away from the town, into the highways.
καὶ εἶπαν οἱ υἱοὶ βενιαμὶν προσκόπτουσιν ἐνώπιον ἡμῶν καθὼς ἔμπροσθεν καὶ οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ εἶπαν φύγομεν καὶ ἐσπάσωμεν αὐτούς ἐκ τῆς πόλεως εἰς τὰς ὁδοὺς
- 33 Lè sa a, lame pèp Izrayèl la kouri kite tout kote yo te gaye yo, yo sanble bò Baal-Tama. Men mesye ki te kache yo kouri soti kote yo te ye a, deyè gwo wòch ki te bò lavil Gibeya a.
So all the men of Israel got up and put themselves in fighting order at Baal-tamar: and those who had been waiting secretly to make a surprise attack came rushing out of their place on the west of Geba.
καὶ πᾶς ἀνὴρ ἰσραὴλ ἀνέστη ἐκ τοῦ τόπου αὐτοῦ καὶ παρετάξαντο ἐν βααλθαμαρ καὶ τὸ ἔνεδρον ἰσραὴλ ἐπάλαιεν ἐκ τοῦ τόπου αὐτοῦ ἀπὸ δυσμῶν τῆς γαββα

- 34 Dimil (10.000) bon sòlda yo te chwazi nan lame pèp Izrayèl la al kontre ak moun Gibeya yo. Batay la te rèd mare. Men, moun Benjamen yo pa t' ankò konprann batay la tapral vire mal pou yo. And they came in front of Gibeah, ten thousand of the best men in all Israel, and the fighting became more violent; but the children of Benjamin were not conscious that evil was coming on them. και παρεγένοντο ἐξ ἐναντίας τῆς γαββα δέκα χιλιάδες ἀνδρῶν ἐκλεκτῶν ἐκ παντὸς ἰσραηλ καὶ ὁ πόλεμος ἐβαρύνθη καὶ αὐτοὶ οὐκ ἔγνωσαν ὅτι ἀφῆπται αὐτῶν ἡ κακία
- 35 Seyè a fè pèp Izrayèl la bat lame moun Benjamen yo byen bat jou sa a. Lame pèp Izrayèl la te desann vennsenkmil san (25.100) sòlda nan moun Benjamen yo. Then the Lord sent sudden fear on Benjamin before Israel; and that day the children of Israel put to death twenty-five thousand, one hundred men of Benjamin, all of them swordsmen. και ἐτρόπωσεν κύριος τὸν βενιαμιν κατὰ πρόσωπον ἰσραηλ καὶ διέφθειραν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἐν τῷ βενιαμιν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ εἴκοσι καὶ πέντε χιλιάδας καὶ ἑκατὸν ἄνδρας πάντες οὗτοι σπώμενοι ῥομφαίαν
- 36 Se lè sa a, moun Benjamen yo vin wè yo t'ap pèdi batay la vre. Moun pèp Izrayèl yo menm t'ap fè bak devan moun Benjamen yo paske yo t'ap konte sou mesye ki te anbiske kò yo bò lavil Gibeya a. So the children of Benjamin saw that they were overcome: and the men of Israel had given way before Benjamin, putting their faith in the watchers who were to make the surprise attack on Gibeah. και εἶδεν βενιαμιν ὅτι τετρώπεται καὶ ἔδωκεν ἀνὴρ ἰσραηλ τῷ βενιαμιν τόπον ὅτι ἤλπισαν ἐπὶ τὸ ἔνεδρον ὃ ἔταξαν πρὸς τὴν γαββα
- 37 Mesye sa yo kouri soti nan kachèt yo, yo desann sou lavil Gibeya a, yo gaye nan tout lavil la, yo touye dènye moun yo jwenn ladan l'. And the watchers, rushing on Gibeah and overrunning it, put all the town to the sword without mercy. και τὸ ἔνεδρον ὄρμησεν καὶ ἐξεχύθησαν πρὸς τὴν γαββα καὶ ἐπορεύθη τὸ ἔνεδρον καὶ ἐπάταξαν ὅλην τὴν πόλιν ἐν στόματι ῥομφαίας
- 38 Moun Izrayèl yo te gen dizon ak mesye ki te kache yo pou yo te bay yon siyal ak lafimen. Lè yo wè gwo nwaj lafimen an ap moute soti nan lavil la, Now the sign fixed between the men of Israel and those making the surprise attack was that when they made a pillar of smoke go up from the town, και ἡ συνταγὴ ἣν ἀνδρὶ ἰσραηλ πρὸς τὸ ἔνεδρον τοῦ ἀνεύγκαι αὐτοὺς πυρσὸν τοῦ καπνοῦ τῆς πόλεως
- 39 moun Izrayèl yo vire fè fas kare ak moun Benjamen yo. Lè sa a, moun Benjamen yo te gen tan touye trant moun konsa nan mitan yo. Yonn t'ap di lòt konsa: -Wi, nou bat yo fwa sa a tankou anvan an. The men of Israel were to make a turn about in the fight. And Benjamin had overcome and put to death about thirty of the men of Israel, and were saying, Certainly they are falling back before us as in the first fight. και ἀνέστρεψαν ἀνὴρ ἰσραηλ ἐν τῷ πολέμῳ καὶ βενιαμιν ἤρκεται τοῦ τύπτειν τραυματίας ἐν τῷ ἀνδρὶ ἰσραηλ ὥσει τριάκοντα ἄνδρας ὅτι εἶπαν πλὴν τροπούμενος τροποῦται ἐναντίον ἡμῶν καθὼς ὁ πόλεμος ὃ ἔμπροσθεν
- 40 Lamenm siyal la parèt. Nwaj lafimen an konmanse moute soti nan lavil la. Moun Benjamen yo vire gade dèyè, yo sezi wè dife te pete toupatou nan lavil la. Then the sign went up out of the town in the pillar of smoke, and the Benjamites, turning back, saw all the town going up in smoke to heaven. και ὁ πυρσὸς ἤρξατο ἀναβαίνειν ἐκ τῆς πόλεως στῦλος καπνοῦ καὶ ἐπέβλεψεν βενιαμιν ὀπίσω αὐτοῦ καὶ ἰδοὺ ἀνέβη συντέλεια τῆς πόλεως εἰς τὸν οὐρανόν
- 41 Moun Izrayèl yo menm te vire tounen sou yo. Lè sa a, laperèz fè moun Benjamen yo pèdi tèt yo, paske yo te vin konprann bagay la tapral pase mal pou yo. And the men of Israel had made a turn about, and the men of Benjamin were overcome with fear, for they saw that evil had overtaken them. και ἀνὴρ ἰσραηλ ἀπέστρεψεν καὶ ἔσπευσεν ἀνὴρ βενιαμιν καὶ εἶδεν ὅτι ἦπται αὐτοῦ ἡ κακία
- 42 Yo pran kouri pou moun Izrayèl yo, yo pran wout dezè a pou yo. Men, li te twò ta, yo pa t' ka chape ankò. Yo pran nan mitan de kan, lame moun Izrayèl la yon bò ak sòlda ki t'ap soti lavil la lòt bò. Yo tout mouri. So turning their backs on the men of Israel, they went in the direction of the waste land; but the fight overtook them; and those who came out of the town were heading them off and putting them to the sword. και ἐκλιναν ἐνώπιον ἀνδρὸς ἰσραηλ εἰς τὴν ὁδὸν τῆς ἐρήμου καὶ ὁ πόλεμος κατέφθασεν αὐτὸν καὶ οἱ ἀπὸ τῶν πόλεων διέφθειραν αὐτὸν ἐν μέσῳ αὐτῶν
- 43 Moun Izrayèl yo kouri dèyè yo san rete, yo touye yo yonn apre lòt jouk yo rive yon kote anfas Gibeya bò solèy leve. And crushing Benjamin down, they went after them, driving them from Nohah as far as the east side of Gibeah. και ἔκοψαν τὸν βενιαμιν καταπαῦσαι αὐτὸν κατὰπαυσιν καὶ κατεπάτησαν αὐτὸν ἕως ἐξ ἐναντίας τῆς γαββα ἀπὸ ἀνατολῶν ἡλίου
- 44 Yo touye dizwitmil (18.000) moun nan pi bon sòlda moun Benjamen yo. Eighteen thousand men of Benjamin came to their death, all strong men of war. και ἔπεσαν ἐκ τοῦ βενιαμιν ὀκτωκαίδεκα χιλιάδες ἀνδρῶν σὺν πᾶσιν τούτοις ἄνδρες δυνατοὶ
- 45 Lòt yo menm kouri ale nan dezè a bò wòch Rimon an. Yo touye senkmil (5.000) ladan yo sou wout yo. Yo kouri dèyè rèz la jouk Gideyon. Yo touye demil (2.000) ladan yo. And turning, they went in flight to the rock of Rimmon in the waste land: and on the highways five thousand of them were cut off by the men of Israel, who, pushing on hard after them to Geba, put to death two thousand more. και ἐξέκλιναν καὶ ἔφυγον εἰς τὴν ἐρημιον πρὸς τὴν πέτραν τὴν ρεμμων καὶ ἐκαλαμήσαντο ἐν ταῖς ὁδοῖς πέντε χιλιάδας ἀνδρῶν καὶ προσεκολλήθησαν ὀπίσω αὐτοῦ ἕως γαδαα καὶ ἐπάταξαν ἐξ αὐτῶν δισχιλίους ἄνδρας

- 46 Jou sa a, yo te touye vennsenkml (25.000) moun antou nan branch fanmi Benjamen an. Epi tout te bon sòlda ki te konn goumen.
So twenty-five thousand of the swordsmen of Benjamin came to their end that day, all strong men of war.
καὶ ἐγένοντο πάντες οἱ πεπτοκότες ἐν τῷ βενιαμιν εἴκοσι καὶ πέντε χιλιάδες ἀνδρῶν σπαυμένων ῥομφαίαν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ σὺν πᾶσι τούτοις ἄνδρες δυνατοί
- 47 Men, gen sisan (600) nan moun ki te kouri al nan dezè a, bò Wòch Rimon an, ki rete kache pandan kat mwa.
But six hundred men, turning back, went in flight to the rock of Rimmon in the waste land, and were living on the rock of Rimmon for four months.
καὶ ἐξέκλιναν καὶ ἔφυγον εἰς τὴν ἔρημον πρὸς τὴν πέτραν τὴν ρεμμων ἑξακόσιοι ἄνδρες καὶ ἐκάθισαν ἐν τῇ πέτρᾳ ρεμμων τετράμηνον
- 48 Moun Izrayèl yo menm tounen dèyè lòt moun Benjamen yo. Yo touye depi se gason, bèt ak tout lòt moun ki te nan lavil yo. Yo mete dife nan tout lavil yo jwenn sou wout yo.
And the men of Israel, turning again against the children of Benjamin, put to the sword without mercy all the towns and the cattle and everything there was, burning every town which came into their hands.
καὶ ἄνθρωπος ἰσραηλ ἀπέκλεισεν τοὺς υἱοὺς βενιαμιν καὶ ἐπάταξαν αὐτοὺς ἐν στόματι ῥομφαίας ἀπὸ πόλεως ἐξῆς ἕως κτήνους ἕως παντὸς τοῦ εὐρεθέντος εἰς πάσας τὰς πόλεις καὶ τὰς πόλεις τὰς εὐρεθείσας ἐξᾠπέστειλαν ἐν πυρὶ
- 1 ¶ Moun pèp Izrayèl yo te fè gwo sèman devan Seyè a lavil Mispa. Yo te di: -Nou p'ap janm bay pitit fi nou pou yo marye ak moun nan fanmi Benjamen yo.
Now the men of Israel had taken an oath in Mizpah, saying, Not one of us will give his daughter as a wife to Benjamin.
καὶ ἄνθρωπος ἰσραηλ ὤμοσεν ἐν μασσηφα λέγων ἄνθρωπος ἐξ ἡμῶν οὐ δώσει τὴν θυγατέρα αὐτοῦ τῷ βενιαμιν εἰς γυναῖκα
- 2 Pèp la moute lavil Betèl, yo chita devan Bwat Kontra Seyè a jouk aswè. Yo t'ap rele, yo t'ap kriye ak gwo dlo nan je yo.
And the people came to Beth-el, waiting there till evening before God, and gave themselves up to bitter weeping.
καὶ παρεγένοντο πᾶς ὁ λαὸς εἰς μασσηφα καὶ βαιθηλ καὶ ἐκάθισαν ἐκεῖ ἕως ἑσπέρας ἐνώπιον τοῦ θεοῦ καὶ ἐπήραν τὴν φωνὴν αὐτῶν καὶ ἔκλαυσαν κλαυθμὸν μέγα
- 3 Yo t'ap di: -Seyè o, Bondye pèp Izrayèl la, poukisa sa rive? Poukisa gen yon branch fanmi nan pèp Izrayèl la ki manke jòdi a?
And they said, O Lord, the God of Israel, why has this fate come on Israel, that today one tribe has been cut off from Israel?
καὶ εἶπαν ἴνα τί κύριε ὁ θεὸς ἰσραηλ ἐγενήθη αὕτη ἐν τῷ ἰσραηλ τοῦ ἐπισκεπῆναι σήμερον ἐν τῷ ἰσραηλ φυλὴν μίαν
- 4 Nan denmen, moun yo leve byen bonè, yo bati yon lotèl. Yo boule bèt nan dife nèt sou li, yo fè ofrann pou mande Bondye padon.
Then on the day after, the people got up early and made an altar there, offering burned offerings and peace-offerings.
καὶ ἐγένετο ἐν τῇ ἐπαύριον καὶ ὄρθρισεν ὁ λαὸς καὶ ὄκοδόμησαν ἐκεῖ θυσιαστήριον καὶ ἀνήνεγκαν ὀλοκαυτώματα σωτηρίου
- 5 Lèfini, yo t'ap mande: -Kilès nan tout branch fanmi pèp Izrayèl la ki pa t' nan reyinyon nou te fè devan Seyè a? Lè reyinyon an, yo te fè yon gwo sèman pou yo touye tout moun ki pa t' mete pye yo lavil Mispa devan Seyè a.
And the children of Israel said, Who is there among all the tribes of Israel, who did not come up to the Lord at the meeting of all Israel? For they had taken a great oath that whoever did not come up to Mizpah to the Lord was to be put to death.
καὶ εἶπαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τίς ὁ μὴ ἀναβῆς ἐν τῇ ἐκκλησίᾳ ἐκ πασῶν φυλῶν ἰσραηλ πρὸς κύριον ὅτι ὄρκος μέγας ἦν τῷ μὴ ἀναβάντι πρὸς κύριον εἰς μασσηφα λέγοντες θανάτῳ ἀποθανεῖται
- 6 Men, pèp Izrayèl la te nan gwo lapenn pou moun Benjamen yo, frè yo. Yo t'ap di: -Wi jòdi a, pèp Izrayèl la pèdi yon branch fanmi vre!
And the children of Israel were moved with pity for Benjamin their brother, saying, Today one tribe has been cut off from Israel.
καὶ παρεκλήθησαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ περὶ βενιαμιν τοῦ ἀδελφοῦ αὐτῶν καὶ εἶπαν ἀφήρηται σήμερον φυλὴ μία ἐξ ἰσραηλ
- 7 Kisa nou pral fè pou ti rèt ki rete a ka jwenn fi pou yo marye, paske nou te fè sèman devan Seyè a nou p'ap janm ba yo pitit fi nou yo pou madanm.
What are we to do about wives for those who are still living? For we have taken an oath by the Lord that we will not give them our daughters for wives.
τί ποιήσωμεν αὐτοῖς τοῖς ὑπολειφθεῖσιν εἰς γυναῖκας καὶ ἡμεῖς ὀμόσαμεν ἐν κυρίῳ τοῦ μὴ δοῦναι αὐτοῖς ἀπὸ τῶν θυγατέρων ἡμῶν εἰς γυναῖκας
- 8 Lè sa a, yo mande: -Kilès nan branch fanmi pèp Izrayèl la ki pa t' moute lavil Mispa devan Seyè a? Yo jwenn pesonn nan lavil Jabès nan peyi Galarad la, pa t' vin nan kan an pou patisipe nan reyinyon an.
And they said, Which one of the tribes of Israel did not come up to Mizpah to the Lord? And it was seen that no one had come from Jabesh-gilead to the meeting.
καὶ εἶπαν τίς μία τῶν φυλῶν ἰσραηλ ἦτις οὐκ ἀνέβη πρὸς κύριον εἰς μασσηφα καὶ ἰδοὺ οὐκ ἦλθεν ἄνθρωπος εἰς τὴν παρεμβολὴν ἀπὸ ἰαβις γαλααδ εἰς τὴν ἐκκλησίαν
- 9 Lè yo t'ap konte moun ki te la yo, pa t' gen yon moun nan lavil Jabès nan peyi Galarad la.
For when the people were numbered, not one man of the people of Jabesh-gilead was present.
καὶ ἐπεσκέπη ὁ λαὸς καὶ ἰδοὺ οὐκ ἔστιν ἐκεῖ ἄνθρωπος ἀπὸ τῶν κατοικούντων ἰαβις γαλααδ

- 10 Se konsa, moun ki te sanble yo chwazi douz mil (12.000) sòlda nan sa ki pi bon yo, yo voye yo la ak lòd sa a: -Ale nan peyi Galarad. Touye dènye moun lavil Jabès, ata fanm ak timoun.
So they (the meeting) sent twelve thousand of the best fighting-men, and gave them orders, saying, Go and put the people of Jabesh-gilead to the sword without mercy, with their women and their little ones.
καὶ ἀπέστειλαν ἐκεῖ ἡ συναγωγή δώδεκα χιλιάδας ἀνδρῶν ἀπὸ τῶν υἰῶν τῆς δυνάμεως καὶ ἐνετείλαντο αὐτοῖς λέγοντες πορεύθητε καὶ πατάξατε πάντας τοὺς κατοικοῦντας ἰαβὶς γαλαὰδ ἐν στόματι ῥομφαίας καὶ τὰς γυναῖκας καὶ τὸν λαόν
- 11 Men sa pou nou fè: N'a touye dènye gason ak tout fanm ki deja marye tankou ofrann n'ap fè pou Seyè a.
And this is what you are to do: every male, and every woman who has had sex relations with a man, you are to put to the curse, but you are to keep safe the virgins. And they did so.
καὶ οὗτος ὁ λόγος ὃν ποιήσετε πᾶν ἄρσενικὸν καὶ πᾶσαν γυναῖκα γινώσκουσιν κοίτην ἄρσενος ἀναθεματιεῖτε
- 12 Nan moun lavil Jabès nan peyi Galarad la, yo jwenn katsan (400) jenn fi ki pa t' janm ko konn gason. Yo mennen yo nan kan an lavil Silo, nan peyi Kanaran.
Now there were among the people of Jabesh-gilead four hundred young virgins who had never had sex relations with a man; these they took to their tents in Shiloh in the land of Canaan.
καὶ εὔρον ἀπὸ τῶν κατοικοῦντων ἰαβὶς γαλαὰδ τετρακοσίας νεάνιδας παρθένους αἱ οὐκ ἔγνωσαν ἄνδρα εἰς κοίτην ἄρσενος καὶ ἦγον αὐτὰς εἰς τὴν παρεμβολὴν εἰς σηλω ἣ ἐστὶν ἐν γῆ χανααν
- 13 Lèfini, tout moun ki te sanble yo voye komisyon bay moun Benjamen yo ki te bò Wòch Rimon an. Yo mande yo fè lapè.
And all the meeting sent to the men of Benjamin who were in the rock of Rimmon, offering them peace.
καὶ ἀπέστειλεν πᾶσα ἡ συναγωγή καὶ ἐλάλησαν πρὸς βενιαμὶν τὸν ἐν τῇ πέτρᾳ ρεμμῶν καὶ ἐκάλεσαν αὐτοὺς εἰς εἰρήνην
- 14 Moun Benjamen yo tounen, epi lòt moun Izrayèl yo ba yo jenn fi lavil Jabès yo pa t' touye yo pou madanm. Men, pa t' gen ase pou yo tout.
Then Benjamin came back; and they gave them the women whom they had kept from death among the women of Jabesh-gilead: but still there were not enough for them.
καὶ ἀπέστρεψεν βενιαμὶν πρὸς τοὺς υἰοὺς ἰσραὴλ ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ καὶ ἔδωκαν αὐτοῖς τὰς γυναῖκας αἵτινες ἦσαν ἐκ τῶν γυναικῶν ἰαβὶς γαλαὰδ καὶ ἦρσεν αὐτοῖς οὕτως
- 15 Sa te fè pèp Izrayèl la lapenn anpil pou moun Benjamen yo, paske Seyè a te kraze tèt ansanm ki te gen nan pèp Izrayèl la.
And the people were moved with pity for Benjamin, because the Lord had let his wrath loose on the tribes of Israel.
καὶ ὁ λαὸς παρεκλήθη τῷ βενιαμὶν ὅτι ἐποίησεν κύριος διακοπὴν ἐν ταῖς φυλαῖς ἰσραὴλ
- 16 ¶ Se konsa chèf ki te la yo di konsa: -Pa gen fanm ankò nan branch fanmi Benjamen an. Kisa nou pral fè la a pou nou bay rès mesye yo fanm pou yo marye?
Then the responsible men of the meeting said, What are we to do about wives for the rest of them, seeing that the women of Benjamin are dead?
καὶ εἶπαν οἱ πρεσβύτεροι τῆς συναγωγῆς τί ποιήσωμεν τοῖς ἐπιλοιποῖς εἰς γυναῖκας ὅτι ἠφάνισται ἐκ τοῦ βενιαμὶν γυνή
- 17 Yo di ankò: -Pèp Izrayèl la pa ka pèdi yon branch fanmi. Se pou nou jwenn yon mwayen pou branch fanmi Benjamen an ka la toujou.
And they said, How is the rest of Benjamin to be given offspring so that one tribe of Israel may not be put out of existence,
καὶ εἶπαν κληρονομία διασσεφωσμένη τῷ βενιαμὶν καὶ οὐ μὴ ἐξαλειφθῆ φυλὴ ἐξ ἰσραὴλ
- 18 Men, nou pa ka pran nan fi nou yo pou nou ba yo pou madanm, paske pèp Izrayèl la te fè sèman pou yo pa fè sa. Yo te di: Madichon pou nenpòt moun ki va pran pitit fi yo bay moun nan fanmi Benjamen an pou madanm.
Seeing that we may not give them our daughters as wives? For the children of Israel had taken an oath, saying, Cursed is he who gives a wife to Benjamin.
καὶ ἡμεῖς οὐ δυνησόμεθα δοῦναι αὐτοῖς γυναῖκας ἀπὸ τῶν θυγατέρων ἡμῶν ὅτι ὠμόσαμεν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ λέγοντες ἐπικατάρατος ὁ διδοὺς γυναῖκα τῷ βενιαμὶν
- 19 Apre sa yo di: -Nan kèk jou, se pral lè pou nou fè gwo fèt nou gen pou nou fè chak lanne pou Seyè a lavil Silo. Lavil Silo sa a te sou bò nò lavil Betèl, sou bò sid lavil Lebona, sou bò solèy kouche wout ki soti Betèl moute Sichèm.
And they said, See, every year there is a feast of the Lord in Shiloh, which is to the north of Beth-el, on the east side of the highway which goes up from Beth-el to Shechem, and on the south of Lebonah.
καὶ εἶπαν ἑορτὴ τῷ κυρίῳ ἐν σηλω ἅψ' ἡμερῶν εἰς ἡμέρας ἣ ἐστὶν ἀπὸ βορρᾶ τῆς βαιθηλ κατ' ἀνατολὰς ἡλίου ἐν τῇ ὁδῷ τῇ ἀναβαινοῦσῃ ἐκ βαιθηλ εἰς σικιμα καὶ ἀπὸ νότου τοῦ λιβάνου τῆς λεβωνα
- 20 Yo di moun Benjamen yo: -Al kache nan jaden rezen yo.
And they said to the men of Benjamin, Go into the vine-gardens, waiting there secretly,
καὶ ἐνετείλαντο τοῖς υἱοῖς βενιαμὶν λέγοντες διέλθατε καὶ ἐνεδρεύσατε ἐν τοῖς ἀμπελώσιν
- 21 Lè n'a wè jenn fi lavil Silo yo soti pou y' al danse ansanm pandan fèt la, nou menm n'a soti nan jaden rezen yo. Chak moun va pran yonn ladan yo pa fòs, epi n'a ale nan peyi Benjamen avèk yo.
And watching; and if the daughters of Shiloh come out to take part in the dances, then come from the vine-gardens and take a wife for every one of you from among the daughters of Shiloh, and go back to the land of Benjamin.
καὶ ὄψεσθε καὶ ἰδοὺ ὡς ἂν ἐξέλθωσιν αἱ θυγατέρες τῶν κατοικοῦντων σηλω ἐν σηλω χορεύσιν ἐν χοροῖς καὶ ἐξελεύσεσθε ἀπὸ τῶν ἀμπελώνων καὶ ἀρπάξετε ἄνθρωπον ἑαυτῷ γυναῖκα ἀπὸ τῶν θυγατέρων σηλω καὶ ἀπελεύσεσθε εἰς γῆν βενιαμὶν

- 22 Si papa yo osinon frè yo vin jwenn nou, nou menm chèf pèp la, pou pote plent, n'a di yo: Tanpri, kite yo pran yo, paske nou pa t' jwenn kont fanm pou yo lè nou te al goumen lavil Jabès la. Epitou, se pa nou menm ki te ba yo pitit fi nou yo pou madanm. Konsa, pesonn p'ap ka di nou pa t' kenbe sèman nou.
And when their fathers or their brothers come and make trouble, you are to say to them, Give them to us as an act of grace; for we did not take them as wives for ourselves in war; and if you yourselves had given them to us you would have been responsible for the broken oath.
καὶ ἔσται ὅταν ἔλθωσιν οἱ πατέρες αὐτῶν ἢ οἱ ἀδελφοὶ αὐτῶν κρίνεσθαι πρὸς ὑμᾶς καὶ ἐροῦμεν πρὸς αὐτούς ἐλεήσατε αὐτούς ὅτι οὐκ ἔλαβον ἀνὴρ γυναῖκα αὐτοῦ ἐν τῷ πολέμῳ οὐ γὰρ ὑμεῖς δεδώκατε εἰς αὐτοῖς κατὰ τὸν καιρὸν ἐπλημελήσατε
- 23 Mesye Benjamen yo fè sa yo te yo fè a. Chak mesye yo pran yon fi pami sa ki t'ap danse yo, yo pati ak yo. Yo tounen nan peyi zansèt yo. Yo rebati lavil yo, epi yo rete la.
So the men of Benjamin did this, and got wives for themselves for every one of their number, taking them away by force from the dance; then they went back to their heritage, building up their towns and living in them.
καὶ ἐποίησαν οὕτως οἱ υἱοὶ βενιαμὴν καὶ ἔλαβον γυναῖκας κατὰ τὸν ἀριθμὸν αὐτῶν ἀπὸ τῶν χορευουσῶν ἕως διήρπασαν καὶ ἀπῆλθον καὶ ἀπέστρεψαν ἐπὶ τὴν κληρονομίαν αὐτῶν καὶ ὠκοδόμησαν ἑαυτοὺς οἰκίας πόλεις καὶ κατοίκησαν ἐν αὐταῖς
- 24 Lè sa a, rès moun pèp Izrayèl la leve yo pati, yo tounen lakay yo al jwenn fanmi yo, nan pòsyon tè yo te bay zansèt yo.
Then the children of Israel went away from there, every man to his tribe and his family, every man went back to his heritage.
καὶ περιεπάτησαν ἐκεῖθεν οἱ υἱοὶ Ἰσραὴλ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ ἀνὴρ εἰς τὴν φυλὴν αὐτοῦ καὶ εἰς τὴν συγγένειαν αὐτοῦ καὶ ἀπῆλθον ἐκεῖθεν ἀνὴρ εἰς τὴν κληρονομίαν αὐτοῦ
- 25 Nan tan sa a pa t' gen wa nan peyi Izrayèl la. Chak moun te fè sa yo pitò.
In those days there was no king in Israel: every man did what seemed right to him.
ἐν ταῖς ἡμέραις ἐκείναις οὐκ ἦν βασιλεὺς ἐν Ἰσραὴλ ἀνὴρ ἕκαστος τὸ εὐθεὸς ἐν ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ ἐποίει .
- 1 ¶ Vwala, te gen yon grangou ki te tonbe sou peyi Izrayèl la. Lè sa a, se chèf ki t'ap gouvènen peyi a. Se konsa yon nonm lavil Betlèyèm, nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Jida a, leve, li pran madanm li ak de pitit gason l' yo, li al pase kèk tan nan peyi Moab.
Now there came a time, in the days of the judges, when there was no food in the land. And a certain man went from Beth-lehem-judah, he and his wife and his two sons, to make a living-place in the country of Moab.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ κρίνειν τοὺς κριτῆς καὶ ἐγένετο λιμὸς ἐν τῇ γῆ καὶ ἐπορεύθη ἀνὴρ ἀπὸ βαιθλεεμ τῆς ἰουδα τοῦ παροικῆσαι ἐν ἀγρῷ μοαβ αὐτὸς καὶ ἡ γυνὴ αὐτοῦ καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ
- 2 Nonm lan te rele Elimelek, madanm li te rele Naomi. De pitit gason l' yo te rele Maklon ak Kiljon. Se moun branch fanmi Efrat la yo te ye, moun lavil Betlèyèm nan peyi Jida. Antan yo t'ap viv nan peyi Moab la,
And the name of the man was Elimelech, and the name of his wife Naomi, and the name of his two sons Mahlon and Chilion, Ephrathites of Beth-lehem-judah. And they came into the country of Moab, and were there for some time.
καὶ ὄνομα τῷ ἀνδρὶ αβιμελεχ καὶ ὄνομα τῇ γυναικὶ αὐτοῦ νοεμὴν καὶ ὄνομα τοῖς δύο υἱοῖς αὐτοῦ μααλὼν καὶ χελαιὼν εφραθαῖοι ἐκ βαιθλεεμ τῆς ἰουδα καὶ ἦλθον εἰς ἀγρὸν μοαβ καὶ ἦσαν ἐκεῖ
- 3 Elimelek mouri, li kite Naomi pou kò l' ak de pitit gason li yo.
And Elimelech, Naomi's husband, came to his end; and only her two sons were with her.
καὶ ἀπέθανεν αβιμελεχ ὁ ἀνὴρ τῆς νοεμὴν καὶ κατελείφθη αὐτὴ καὶ οἱ δύο υἱοὶ αὐτῆς
- 4 De ti mesye yo te marye ak de fi moun peyi Moab: yonn te rele Opa, lòt la te rele Rit. Yo t'ap mache sou dizan depi yo t'ap viv nan peyi a,
And they took two women of Moab as their wives: the name of the one was Orpah, and the name of the other Ruth; and they went on living there for about ten years.
καὶ ἐλάβοσαν ἑαυτοῖς γυναῖκας μοαβίτιδας ὄνομα τῇ μιᾷ ὀρφα καὶ ὄνομα τῇ δευτέρῃ ρουθ καὶ κατοίκησαν ἐκεῖ ὡς δέκα ἔτη
- 5 lè Maklon ak Kiljon tonbe, yo mouri tou. Se konsa Naomi twouve vin pou kont li: li te pèdi ni mari l' ni pitit gason l' yo.
And Mahlon and Chilion came to their end; and the woman was without her two sons and her husband.
καὶ ἀπέθανον καὶ γε ἀμφοτέροι μααλὼν καὶ χελαιὼν καὶ κατελείφθη ἡ γυνὴ ἀπὸ τοῦ ἀνδρὸς αὐτῆς καὶ ἀπὸ τῶν δύο υἱῶν αὐτῆς
- 6 ¶ Antan Naomi te peyi Moab toujou, li vin pran nouvèl jan Seyè a te voye benediksyon sou pèp li a, jan li te fè yo fè bon rekòt. Menm lè a, li pare zafè l' pou l' kite peyi Moab ansanm ak de bèlfi li yo.
So she and her daughters-in-law got ready to go back from the country of Moab, for news had come to her in the country of Moab that the Lord, in mercy for his people, had given them food.
καὶ ἀνέστη αὐτὴ καὶ αἱ δύο νόμφαι αὐτῆς καὶ ἀπέστρεψαν ἐξ ἀγροῦ μοαβ ὅτι ἤκουσαν ἐν ἀγρῷ μοαβ ὅτι ἐπέσκεπται κύριος τὸν λαὸν αὐτοῦ δοῦναι αὐτοῖς ἄρτους
- 7 Se konsa yo leve, yo kite kote yo te ye a, yo pati ansanm pou y' al nan peyi Jida.
And she went out of the place where she was, and her two daughters-in-law with her; and they went on their way to go back to the land of Judah.
καὶ ἐξῆλθεν ἐκ τοῦ τόπου οὗ ἦν ἐκεῖ καὶ αἱ δύο νόμφαι αὐτῆς μετ' αὐτῆς καὶ ἐπορεύοντο ἐν τῇ ὁδῷ τοῦ ἐπιστρέψαι εἰς τὴν γῆν ἰουδα

- 8 Men, antan yo sou wout, Naomi di bèlfi li yo konsa: -Pito nou tounen lakay nou al jwenn manman nou. Mwen mande Seyè a pou l' aji byen ak nou menm jan nou te aji byen avè m' ansanm ak defen yo.
And Naomi said to her two daughters-in-law, Go back to your mothers' houses: may the Lord be good to you as you have been good to the dead and to me:
καὶ εἶπεν ἡμεῖν ταῖς νύμφαις αὐτῆς πορεύεσθε δὴ ἀποστράφητε ἐκάστη εἰς οἶκον μητρὸς αὐτῆς ποιῆσαι κύριος μεθ' ὑμῶν ἔλεος καθὼς ἐποιήσατε μετὰ τῶν τεθνηκότων καὶ μετ' ἐμοῦ
- 9 Mwen mande l' pou l' fè nou chak jwenn yon moun remarye ak nou pou nou ka viv ak kè poze lakay nou. Lè li fin di yo sa, li bo yo, li di yo li ale. Men, de medam yo pete rele.
May the Lord give you rest in the houses of your husbands. Then she gave them a kiss; and they were weeping bitterly.
δὲ ὁ κύριος ὑμῖν καὶ εὖροιτε ἀνάπαυσιν ἐκάστη ἐν οἴκῳ ἀνδρὸς αὐτῆς καὶ κατεφίλησεν αὐτάς καὶ ἐπήραν τὴν φωνὴν αὐτῶν καὶ ἔκλαυσαν
- 10 Yo di l' konsa: -Non! Nou prale avè ou nan peyi ou.
And they said to her, No, but we will go back with you to your people.
καὶ εἶπαν αὐτῇ μετὰ σοῦ ἐπιστρέφομεν εἰς τὸν λαόν σου
- 11 Men, Naomi reponn yo: -Pitit mwen, pito nou tounen! Poukisa nou vle ale avè m'? Nou kwè mwen ka fè pitit gason ankò pou marye ak nou?
But Naomi said, Go back, my daughters; why will you come with me? Have I more sons in my body, to become your husbands?
καὶ εἶπεν ἡμεῖν ἐπιστράφητε δὴ θυγατέρες μου καὶ ἵνα τί πορεύεσθε μετ' ἐμοῦ μὴ ἔτι μοι υἱοὶ ἐν τῇ κοιλίᾳ μου καὶ ἔσονται ὑμῖν εἰς ἀνδρας
- 12 Tounen lakay nou! Mwen twò granmoun pou m' marye ankò. Epitou, menm si mwen ta mete nan tèt mwen mwen gen espwa marye ankò, menm si mwen ta rive marye aswè a epi m' ta fè pitit gason ankò,
Go back, my daughters, and go on your way; I am so old now that I may not have another husband. If I said, I have hopes, if I had a husband tonight, and might have sons,
ἐπιστράφητε δὴ θυγατέρες μου διότι γεγήρακα τοῦ μὴ εἶναι ἀνδρὶ ὅτι εἶπα ὅτι ἔστιν μοι ὑπόστασις τοῦ γεννηθῆναι με ἀνδρὶ καὶ τέξομαι υἱούς
- 13 Èske n'ap rete tann yo fin gran? Eske se sa k'ap anpeche nou marye ak yon lòt moun? Non, pitit fi m' yo. Nou konnen sa pa ka fèt. Sa fè m' mal anpil pou nou. Men Seyè a fè m' twòp lapenn deja.
Would you keep yourselves till they were old enough? would you keep from having husbands for them? No, my daughters; but I am very sad for you that the hand of the Lord is against me.
μὴ αὐτοὺς προσδέξεσθε ἕως οὗ ἀδρυνθῶσιν ἢ αὐτοῖς κατασχεθῆσεσθε τοῦ μὴ γενέσθαι ἀνδρὶ μὴ δὴ θυγατέρες μου ὅτι ἐπικράνθη μοι ὑπὲρ ὑμᾶς ὅτι ἐξῆλθεν ἐν ἐμοὶ χεῖρ κυρίου
- 14 Medam yo pran rele pi rèd. Apre sa, Opa bo bèlmè li a, li di l' orevwa, epi li al jwenn fanmi li. Men, Rit menm te refize kite l'.
Then again they were weeping; and Orpah gave her mother-in-law a kiss, but Ruth would not be parted from her.
καὶ ἐπήραν τὴν φωνὴν αὐτῶν καὶ ἔκλαυσαν ἔτι καὶ κατεφίλησεν ὄρφα τὴν πενθερὰν αὐτῆς καὶ ἐπέστρεψεν εἰς τὸν λαὸν αὐτῆς ρουθ δὲ ἠκολούθησεν αὐτῇ
- 15 Naomi di l' konsa: -Rit machè! Gade bèlsè ou la! Li tounen li al jwenn moun li yo ansanm ak bondye l'ap sèvi yo. Fè menm jan an tou. Tounen ansanm avè l' non!
And Naomi said, See, your sister-in-law has gone back to her people and to her gods: go back after your sister-in-law.
καὶ εἶπεν ἡμεῖν πρὸς ρουθ ἰδοὺ ἀνέστρεψεν ἡ σύννυμφός σου πρὸς λαὸν αὐτῆς καὶ πρὸς τοὺς θεοὺς αὐτῆς ἐπιστράφητι δὴ καὶ σὺ ὀπίσω τῆς συννύμφου σου
- 16 Men, Rit reponn: -Pa fòse m' kite ou! Tanpri, kite m' ale avè ou. Kote ou prale, mwen prale avè ou. Kote ou rete, m'a rete avè ou. Se moun pa ou yo ki va moun pa m'. Bondye w'ap sèvi a, se li m'a sèvi tou.
But Ruth said, Give up requesting me to go away from you, or to go back without you: for where you go I will go; and where you take your rest I will take my rest; your people will be my people, and your God my God.
εἶπεν δὲ ρουθ μὴ ἀπαντήσαι ἐμοὶ τοῦ καταλιπεῖν σε ἢ ἀποστρέψαι ὀπισθέν σου ὅτι σὺ ὅπου ἐὼν πορευθῆς πορεύσομαι καὶ οὗ ἐὼν ἀλισθηῆς ἀλισθήσομαι ὁ λαός σου λαός μου καὶ ὁ θεός σου θεός μου
- 17 Kote w'a mouri a, se la m'a mouri tou. Epi se la y'a antere m' tou. Mwen mande Seyè a pou l' ban mwen pi gwo madichon ki ka genyen, si se pa lanmò ki pou separe nou.
Wherever death comes to you, death will come to me, and there will be my last resting-place; the Lord do so to me and more if we are parted by anything but death.
καὶ οὗ ἐὼν ἀποθάνης ἀποθανοῦμαι κάκει ταφῆσομαι τάδε ποιῆσαι μοι κύριος καὶ τάδε προσθεῖη ὅτι θάνατος διαστελεῖ ἀνά μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ
- 18 Lè Naomi wè Rit te sotif vre pou ale avè l', li pa di l' anyen ankò.
And when she saw that Ruth was strong in her purpose to go with her she said no more.
ἰδοῦσα δὲ ἡμεῖν ὅτι κραταιοῦται αὐτῇ τοῦ πορεύεσθαι μετ' αὐτῆς ἐκόπασεν τοῦ λαλῆσαι πρὸς αὐτὴν ἔτι
- 19 ¶ Yo pati, yo vwayaje ansanm jouk yo rive lavil Betleyèm. Lè yo rive, wè moun wè yo, lavil la te tèt anba. Medam yo menm t'ap di: -Ou kwè se Naomi sa?
So the two of them went on till they came to Beth-lehem. And when they came to Beth-lehem all the town was moved about them, and they said, Is this Naomi?
ἐπορεύθησαν δὲ ἀμφοτέραι ἕως τοῦ παραγενέσθαι αὐτάς εἰς βαιθλεεμ καὶ ἤχησεν πᾶσα ἡ πόλις ἐπ' αὐταῖς καὶ εἶπον αὐτῇ ἔστιν ἡμεῖν
- 20 reponn yo: -Tanpri, pa rele m' Naomi. Pito nou rele m' Mara, paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè m' soufri anpil.
And she said to them, Do not let my name be Naomi, but Mara, for the Ruler of all has given me a bitter fate.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτάς μὴ δὴ καλεῖτέ με ἡμεῖν καλέσατέ με πικράν ὅτι ἐπικράνθη ἐν ἐμοὶ ὁ ἰκανὸς σφόδρα

- 21 Lè m' te pati isit la, mwen te gen tou sa m' te bezwen. Men jòdi a, Seyè a mennen m' tounen de men m' de pye m'. Poukisa pou n'ap rele m' Naomi toujou lè Seyè a fin vire do ban mwen, lè se malè ase Bondye ki gen tout pouvwa a voye sou mwen?
I went out full, and the Lord has sent me back again with nothing; why do you give me the name Naomi, seeing that the Lord has given witness against me, and the Ruler of all has sent sorrow on me?
ἐγὼ πλήρης ἐπορεύθην καὶ κενὴν ἀπέστρεψέν με ὁ κύριος καὶ ἵνα τί καλεῖτέ με νοεμιν καὶ κύριος ἐταπείνωσέν με καὶ ὁ ἰκανὸς ἐκάκωσέν με
- 22 Se konsa Naomi tounen soti nan peyi Moab ansanm ak bèlfi li, Rit, moun peyi Moab. Lè yo rive lavil Betleyèm, rekòt grenn lòj te fèk konmanse.
So Naomi came back out of the country of Moab, and Ruth the Moabite, her daughter-in-law, with her; and they came to Beth-lehem in the first days of the grain-cutting.
καὶ ἐπέστρεψεν νοεμιν καὶ ρουθ ἡ μοαβίτις ἡ νύμφη αὐτῆς ἐπιστρέφουσα ἐξ ἀγροῦ μοαβ αὐταὶ δὲ παρεγενήθησαν εἰς βαιθλεεμ ἐν ἀρχῇ θερισμοῦ κριθῶν
- 1 ¶ Naomi te gen yon fanmi mari l' yo te rele Bòz. Se te yon nonm ki te rich epi ki te grannèg. Li te fè pati menm branch fanmi ak Elimelèk, defen mari Naomi an.
And Naomi had a relation of her husband, a man of wealth, of the family of Elimelech; and his name was Boaz.
καὶ τῇ νοεμιν ἀνὴρ γνῶριμος τῷ ἀνδρὶ αὐτῆς ὁ δὲ ἀνὴρ δυνατὸς ἰσχύϊ ἐκ τῆς συγγενείας αβιμελεχ καὶ ὄνομα αὐτῷ βοος
- 2 Rit, fanm peyi Moab la, di Naomi konsa: -Kite m' ale nan jaden yo pou m' ranmase tèt lòj moun k'ap ranmase rekòt yo kite tonbe atè. M'a jwenn yon moun ki va kite m' ranmase nan jaden li. Naomi reponn li: -Ale non, mafi.
And Ruth the Moabite said to Naomi, Now let me go into the field and take up the heads of grain after him in whose eyes I may have grace. And she said to her, Go, my daughter.
καὶ εἶπεν ρουθ ἡ μοαβίτις πρὸς νοεμιν πορευθῶ δὴ εἰς ἀγρὸν καὶ συνάξω ἐν τοῖς στάχουσιν κατόπισθεν οὐ ἂν εὕρω χάριν ἐν ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ εἶπεν δὲ αὐτῇ πορεύου θύγατερ
- 3 Se konsa, Rit leve, li al nan jaden yo, li pran mache dèyè travayè yo, li t'ap ranmase tèt lòj yo te kite tonbe atè. Chans pou li, li rive nan yon jaden ki te pou Bòz, fanmi Elimelèk la.
And she went, and came and took up the heads of grain in the field after the cutters; and by chance she went into that part of the field which was the property of Boaz, who was of the family of Elimelech.
καὶ ἐπορεύθη καὶ συνέλεξεν ἐν τῷ ἀγρῷ κατόπισθεν τῶν θερίζόντων καὶ περιέπεσαν περιπτώματι τῇ μερίδι τοῦ ἀγροῦ βοος τοῦ ἐκ συγγενείας αβιμελεχ
- 4 ¶ Li te la depi kèk tan lè Bòz rive soti Betleyèm. Li di travayè yo bonjou, li di yo: -Seyè a avèk nou! Yo reponn li: -benediksyon Seyè a avè ou tou!
And Boaz came from Beth-lehem, and said to the grain-cutters, The Lord be with you. And they made answer, The Lord give you his blessing.
καὶ ἰδοὺ βοος ἦλθεν ἐκ βαιθλεεμ καὶ εἶπεν τοῖς θερίζουσιν κύριος μεθ' ὑμῶν καὶ εἶπον αὐτῷ εὐλογήσαι σε κύριος
- 5 Bòz mande kontwòlè a: -Ki jenn ti madanm sa a?
Then Boaz said to his servant who was in authority over the cutters, Whose girl is this?
καὶ εἶπεν βοος τῷ παιδαρίῳ αὐτοῦ τῷ ἐφεστῶτι ἐπὶ τοὺς θερίζοντας τίνος ἡ νεάνις αὕτη
- 6 Nonm lan reponn: -Se yon fi moun lòt peyi li ye. Se li menm ki te vini ansanm ak Naomi lè li te tounen soti nan peyi Moab.
And the servant who was in authority over the cutters said, It is a Moabite girl who came back with Naomi out of the country of Moab;
καὶ ἀπεκρίθη τὸ παιδάριον τὸ ἐφεστὸς ἐπὶ τοὺς θερίζοντας καὶ εἶπεν ἡ παῖς ἡ μοαβίτις ἐστίν ἡ ἀποστραφεῖσα μετὰ νοεμιν ἐξ ἀγροῦ μοαβ
- 7 Li te mande m' pou m' kite l' mache dèyè travayè yo ranmase tèt lòj ki tonbe atè yo. L'ap degaje l' la a depi maten. Li fèk sispann pou l' pran yon ti repo anba tonèl lan la a.
And she said to me, Let me come into the grain-field and take up the grain after the cutters. So she came, and has been here from morning till now, without resting even for a minute.
καὶ εἶπεν συλλέξω δὴ καὶ συνάξω ἐν τοῖς δράγμασιν ὀπισθεν τῶν θερίζόντων καὶ ἦλθεν καὶ ἔστη ἀπὸ πρωΐθεν καὶ ἕως ἐσπέρας οὐ κατέπαυσεν ἐν τῷ ἀγρῷ μικρὸν
- 8 Lè sa a, Bòz di Rit konsa: -M'ap ba ou yon ti konsèy, tande, mafi. Ou pa bezwen ale nan lòt jaden pou ranmase tèt lòj. Ou mèt rete nan jaden sa a, bò medam yo ki isit la.
Then said Boaz to Ruth, Give ear to me, my daughter: do not go to take up the grain in another field, or go away from here, but keep here by my young women:
καὶ εἶπεν βοος πρὸς ρουθ οὐκ ἤκουσας θύγατερ μὴ πορευθῆς ἐν ἀγρῷ συλλέξαι ἑτέρω καὶ σὺ οὐ πορεύῃ ἐντεῦθεν ὅδε κολλήθητι μετὰ τῶν κορασίων μου
- 9 Gade tout kote y'ap travay nan jaden an, fè dèyè yo, rete ak yo. Mwen bay mesye m' yo lòd pou yo pa anbete ou. Chak fwa w'a swaf dlo, ou mèt al bwè nan kannari yo plen pou sa.
Keep your eyes on the field they are cutting, and go after them; have I not given orders to the young men not to put a hand on you? And when you are in need of drink go to the vessels and take of what the young men have put there.
οἱ ὀφθαλμοί σου εἰς τὸν ἀγρὸν οὐ ἂν θερίζωσιν καὶ πορεύῃ κατόπισθεν αὐτῶν ἰδοὺ ἐνετείλαμην τοῖς παιδαρίοις τοῦ μὴ ἄψασθαί σου καὶ ὃ τι διψήσεις καὶ πορευθήσῃ εἰς τὰ σκεύη καὶ πίεσαι ὅθεν ἂν ὕδρευῶνται τὰ παιδάρια
- 10 Rit bese tèt li jouk atè devan Bòz. Li di l' konsa: -Poukisa w'ap bay lòd ou tout traka sa a pou mwen? Poukisa w'ap fè tout bagay sa a pou yon moun ki pa menm ras avè ou?
Then she went down on her face to the earth, and said to him, Why have I grace in your eyes, that you give attention to me, seeing I am from a strange people?
καὶ ἔπεσεν ἐπὶ πρόσωπον αὐτῆς καὶ προσεκύνησεν ἐπὶ τὴν γῆν καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν τί ὅτι εὕρον χάριν ἐν ὀφθαλμοῖς σου τοῦ ἐπιγνώναί με καὶ ἐγὼ εἰμι ξένη

- 11 Bòz reponn li: -Yo di m' tou sa ou te fè pou bèlmè ou depi mari ou mouri a. Mwen konnen ou kite manman ou, papa ou ak peyi kote ou moun lan, ou vin viv nan mitan yon lòt pèp ou pa t' janm konnen anvan.
 And Boaz answering said to her, I have had news of everything you have done for your mother-in-law after the death of your husband; how you went away from your father and mother and the land of your birth, and came to a people who are strange to you.
 και ἀπεκρίθη βοος και εἶπεν αὐτῇ ἀπαγγελία ἀπηγγέλη μοι ὅσα πεποίηκας μετὰ τῆς πενθερᾶς σου μετὰ τὸ ἀποθανεῖν τὸν ἄνδρα σου και πῶς κατέλιπες τὸν πατέρα σου και τὴν μητέρα σου και τὴν γῆν γενέσεώς σου και ἐπορεύθης πρὸς λαὸν ὃν οὐκ ᾔδεις ἐχθῆς και τρίτης
- 12 Mwen mande Seyè a pou li rekonpanse ou pou tou sa ou te fè. Wi. Ou vini mete ou anba zèl li pou l' pwoteje ou. Se pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ba ou yon bèl rekonpans!
 The Lord give you a reward for what you have done, and may a full reward be given to you by the Lord, the God of Israel, under whose wings you have come to take cover.
 ἀποτεῖσαι κύριος τὴν ἐργασίαν σου και γένοιτο ὁ μισθός σου πλήρης παρὰ κυρίου θεοῦ ἰσραηλ πρὸς ὃν ἦλθες πεποιθένα ὑπὸ τὰς πτέρυγας αὐτοῦ
- 13 Rit reponn li: -Ou pa konn sa ou fè la a pou mwen, msye! Jan ou pale byen avè m' la a, sa ban m' kouraj, malgre mwen pa vo yonn nan medam k'ap sèvi avè ou yo.
 Then she said, May I have grace in your eyes, my lord, for you have given me comfort, and you have said kind words to your servant, though I am not like one of your servants.
 ἡ δὲ εἶπεν εὐρομι χάριν ἐν ὀφθαλμοῖς σου κύριε ὅτι παρεκάλεσάς με και ὅτι ἐλάλησας ἐπὶ καρδίαν τῆς δούλης σου και ἰδοὺ ἐγὼ ἔσομαι ὡς μία τῶν παιδισκῶν σου
- 14 Lè lè pou yo manje a rive, Bòz di Rit konsa: -Pwoche non! Pran yon moso pen, tranpe l' nan sòs vinèg la pou ou manje! Se konsa Rit vin chita ansanm ak lòt travayè yo. Bòz te ba li kèk grenn lòj griye tou. Rit manje plen vant li, epi rès manje ki te rete a, li sere l'.
 And at meal-time Boaz said to her, Come here, and take some of the bread, and put your bit into the wine. And she took her seat among the grain-cutters: and he gave her dry grain, and she took it, and there was more than enough for her meal.
 και εἶπεν αὐτῇ βοος ἥδη ὥρα τοῦ φαγεῖν πρόσσελθε ὧδε και φάγεσαι τῶν ἄρτων και βάψεις τὸν ψωμιόν σου ἐν τῷ ὄξει και ἐκάθισεν ρουθ ἐκ πλαγίων τῶν θεριζόντων και ἐβούνησεν αὐτῇ βοος ἄλιφτον και ἔφαγεν και ἐνεπλήσθη και κατέλιπεν
- 15 Lè Rit leve al ranmase, Bòz bay travayè yo lòd sa a: -Nou mèt kite l' ranmase grenn menm kote pakèt mare yo ye a. Pa chache l' kont.
 And when she got ready to take up the grain, Boaz gave his young men orders, saying, Let her take it even from among the cut grain, and say nothing to her.
 και ἀνέστη τοῦ συλλέγειν και ἐνετείλατο βοος τοῖς παιδαρίοις αὐτοῦ λέγων και γε ἀνά μέσον τῶν δραγμάτων συλλεγέτω και μὴ κατασχύνητε αὐτήν
- 16 Okontrè, rache kèk tèt nan pakèt mare yo, lage yo atè pou l' ka ranmase. Pa di l' anyen, tande!
 And let some heads of grain be pulled out of what has been corded up, and dropped for her to take, and let no sharp word be said to her.
 και βαστάζοντες βαστάζατε αὐτῇ και γε παραβάλλοντες παραβαλεῖτε αὐτῇ ἐκ τῶν βεβουνησμένων και ἄφετε και συλλέξει και οὐκ ἐπιτιμήσετε αὐτῇ
- 17 ¶ Se konsa Rit rete ranmase grap lòj nan jaden an jouk solèy kouche. Lè li fin bat tèt lòj yo, li jwenn sa ki te manke l' pou l' te gen vennsenk ti mamit la pa t' anyen.
 So she went on getting together the heads of grain till evening; and after crushing out the seed it came to about an ephah of grain.
 και συνέλεξεν ἐν τῷ ἄργῳ ἕως ἐσπέρας και ἐρράβδισεν ἃ συνέλεξεν και ἐγενήθη ὡς οἶφι κριθῶν
- 18 Li pran grenn lòj li yo, li tounen lavil, li moutre bèlmè li tou sa li te ranmase. Li ba li tou rès manje ki te rete lè l' te fin manje a.
 And she took it up and went into the town; and she let her mother-in-law see what she had got, and after taking enough for herself she gave her the rest.
 και ἦρεν και εἰσηλθεν εἰς τὴν πόλιν και εἶδεν ἡ πενθερὰ αὐτῆς ἃ συνέλεξεν και ἐξενέγκασα ρουθ ἔδωκεν αὐτῇ ἃ κατέλιπεν ἐξ ὧν ἐνεπλήσθη
- 19 Naomi mande l': -Kote ou ranmase tout lòj sa a jòdi a? Nan jaden ki moun ou t'ap travay, en? Se pou Bondye beni moun ki fè sa pou ou a! Lè sa a, Rit di bèlmè li konsa li t'ap travay nan jaden yon msye yo rele Bòz.
 And her mother-in-law said to her, Where did you take up the grain today, and where were you working? May a blessing be on him who gave such attention to you. And she gave her mother-in-law an account of where she had been working, and said, The name of the man with whom I was working today is Boaz.
 και εἶπεν αὐτῇ ἡ πενθερὰ αὐτῆς ποῦ συνέλεξας σήμερον και ποῦ ἐποίησας εἴη ὁ ἐπινοῦός σε εὐλογημένος και ἀπηγγέλειεν ρουθ τῇ πενθερᾷ αὐτῆς ποῦ ἐποίησεν και εἶπεν τὸ ὄνομα τοῦ ἀνδρός μεθ' οὗ ἔ ποιῆσα σήμερον βοος
- 20 Naomi di bèlfi li a: -benediksyon Seyè a pou Bòz! Wi. Seyè a ap toujou kenbe pawòl li, nou te mèt vivan, nou te mèt mouri! Naomi di ankò: -Nonm sa a, se yon fanmi pre nou li ye. Se yonn nan moun ki reskonsab defann enterè fanmi an.
 And Naomi said to her daughter-in-law, May the blessing of the Lord, who has at all times been kind to the living and to the dead, be on him. And Naomi said to her, The man is of our family, one of our near relations.
 και εἶπεν νοεμιν τῇ νύμφῃ αὐτῆς εὐλογητός ἐστιν τῷ κυρίῳ ὅτι οὐκ ἐγκατέλιπεν τὸ ἔλεος αὐτοῦ μετὰ τῶν ζώντων και μετὰ τῶν τεθνηκότων και εἶπεν αὐτῇ νοεμιν ἐγγίξει ἡμῖν ὁ ἄνθρωπος ἐκ τῶν ἀγγιστε ὑόντων ἡμᾶς ἐστιν
- 21 Lè sa a, Rit di konsa: -Men sa l' di m' ankò: Se pou m' rete ranmase tèt lòj ansanm ak travayè li yo jouk rekòt la fini.
 And Ruth the Moabitess said, Truly, he said to me, Keep near my young men till all my grain is cut.
 και εἶπεν ρουθ πρὸς τὴν πενθερὰν αὐτῆς και γε ὅτι εἶπεν πρὸς με μετὰ τῶν παιδαρίων μου προσκολληθήτη ἕως ἂν τελέσωσιν ὄλον τὸν ἀμητόν ὃς ὑπάρχει μοι

- 22 Naomi reponn li: -Wi, pitit mwen! Pito ou rete travay avèk medam yo nan jaden Bòz la, tande. Si ou ale nan jaden lòt moun, malè ka rive ou.
And Naomi said to Ruth, her daughter-in-law, It is better, my daughter, for you to go out with his servant-girls, so that no danger may come to you in another field.
καὶ εἶπεν νοεμιν πρὸς ρουθ τὴν νόμφην αὐτῆς ἀγαθὸν θύγατερ ὅτι ἐπορεύθησ μετὰ τῶν κορασιῶν αὐτοῦ καὶ οὐκ ἀπαντήσονται σοι ἐν ἀγρῷ ἑτέρῳ
- 23 Se konsa, Rit rete ansanm avèk medam k'ap travay ak Bòz yo. Li t'ap ranmase tèt lòj jouk travayè yo te fin rekòlte tout lòj la ak tout ble a. Li t'ap viv tout tan sa a ak bèlmè li toujou.
So she kept near the servant-girls of Boaz to take up the grain till the cutting of the early grain and the cutting of the late grain were ended; and she went on living with her mother-in-law.
καὶ προσεκολλήθη ρουθ τοῖς κορασιῶς βοος συλλέγειν ἕως οὗ συνετέλεσεν τὸν θερισμὸν τῶν κριθῶν καὶ τῶν πυρῶν καὶ ἐκάθισεν μετὰ τῆς πενθερᾶς αὐτῆς
- 1 ¶ Kèk tan apre sa, Naomi di Rit konsa: -Pa pito m' chache yon mari pou ou, pou ou ka viv ak kè poze lakay ou?
And Naomi, her mother-in-law, said to her, My daughter, am I not to get you a resting-place where you may be in comfort?
εἶπεν δὲ αὐτῇ νοεμιν ἡ πενθερὰ αὐτῆς θύγατερ οὐ μὴ ζητήσω σοι ἀνάπαυσιν ἵνα εὖ γένηται σοι
- 2 Ou chonje Bòz, pa vre? Mèt jaden kote ou te ye ansanm ak medam yo? Bon! Ou chonje mwen te di ou se yon fanmi pre nou li ye! Bon. Koute! Aswè a, yo pral vannen lòj yo fin bat yo.
And now, is there not Boaz, our relation, with whose young women you were? See, tonight he is separating the grain from the waste in his grain-floor.
καὶ νῦν οὐχὶ βοος γνώριμος ἡμῶν οὗ ἦς μετὰ τῶν κορασιῶν αὐτοῦ ἰδοὺ αὐτὸς λικμᾷ τὸν ἄλωνα τῶν κριθῶν ταύτη τῇ νυκτί
- 3 Al benyen. Mete odè sou ou, mete pi bèl rad ou sou ou. Epi ale bò glasi a, kote y'ap vannen an. Men, pa kite Bòz konnen ou la. W'a tann li fin manje, li fin bwè diven anvan.
So take a bath, and, after rubbing your body with sweet oil, put on your best robe, and go down to the grain-floor; but do not let him see you till he has come to the end of his meal.
σὺ δὲ λούση καὶ ἀλείψῃ καὶ περιθήσεις τὸν ἱματισμὸν σου ἐπὶ σεαυτῇ καὶ ἀναβήσῃ ἐπὶ τὸν ἄλω μὴ γνωρισθῆς τῷ ἀνδρὶ ἕως οὗ συντελέσαι αὐτὸν πειν καὶ φαγεῖν
- 4 Lè sa a, w'a gade byen kote li al kouche. Lè w'a wè dòmi pran l', ou va ale, w'a leve pwent dra ki kouvri pye l' yo, epi w'a kouche kouche ou la, bò kote l'. Li menm l'a di ou sa pou ou fè apre sa.
But see to it, when he goes to rest, that you take note of the place where he is sleeping, and go in there, and, uncovering his feet, take your place by him; and he will say what you are to do.
καὶ ἔσται ἐν τῷ κοιμηθῆναι αὐτόν καὶ γνώσῃ τὸν τόπον ὅπου κοιμᾶται ἐκεῖ καὶ ἐλεύσῃ καὶ ἀποκαλύψεις τὰ πρὸς ποδῶν αὐτοῦ καὶ κοιμηθήσῃ καὶ αὐτὸς ἀπαγγελεῖ σοι ἃ ποιήσεις
- 5 Rit reponn li: -M'a fè tou sa ou di m' fè.
And she said, I will do all you say.
εἶπεν δὲ ρουθ πρὸς αὐτὴν πάντα ὅσα ἐὰν εἴπῃς ποιήσω
- 6 ¶ Se konsa Rit leve vre, li ale bò glasi a, li fè sa bèlmè li te di l' fè a.
So she went down to the grain-floor and did all her mother-in-law had said to her.
καὶ κατέβη εἰς τὸν ἄλω καὶ ἐποίησεν κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλατο αὐτῇ ἡ πενθερὰ αὐτῆς
- 7 Lè Bòz fin manje, lè li fin bwè diven, kè l' te kontan. Li al kouche bò yon pil pay lòj, epi dòmi pote l' ale. Lè sa a, Rit pwoche tou dousman, li leve pwent dra ki te kouvri pye l' yo, epi li kouche la bò kote l'.
Now when Boaz had taken meat and drink, and his heart was glad, he went to take his rest at the end of the mass of grain; then she came softly and, uncovering his feet, went to rest.
καὶ ἔφαγεν βοος καὶ ἠγαθύνθη ἡ καρδία αὐτοῦ καὶ ἦλθεν κοιμηθῆναι ἐν μερίδι τῆς στοιβῆς ἡ δὲ ἦλθεν κρυφῇ καὶ ἀπεκάλυψεν τὰ πρὸς ποδῶν αὐτοῦ
- 8 Nan mitan lannwit, Bòz pantan nan dòmi an. Li leve, li panche, li tou sezi wè yon fanm ki te kouche nan pye l'.
Now in the middle of the night, the man awaking from his sleep in fear, and lifting himself up, saw a woman stretched at his feet.
ἐγένετο δὲ ἐν τῷ μεσονυκτίῳ καὶ ἐξέστη ὁ ἀνὴρ καὶ ἐταράχθη καὶ ἰδοὺ γυνὴ κοιμᾶται πρὸς ποδῶν αὐτοῦ
- 9 Li mande: -Ki moun sa? Rit reponn li: -Se mwen menm, Rit. Ou se yon fanmi pre nou. Se ou ki reskonsab pou pran swen mwen. Mwen vin jwenn ou.
And he said, Who are you? And she answering said, I am your servant Ruth: take your servant as wife, for you are a near relation.
εἶπεν δὲ τίς εἰ σὺ ἡ δὲ εἶπεν ἐγὼ εἰμι ρουθ ἡ δούλη σου καὶ περιβαλεῖς τὸ πτερύγιόν σου ἐπὶ τὴν δούλην σου ὅτι ἀγγιστεὺς εἰ σὺ
- 10 Bòz di l' konsa: -benediksyon Seyè a avè ou, mafi! Sa w'ap fè la a pi konsekan pase tou sa ou te fè pou bèlmè ou la. Sa moutre ou pa sot pou ou lage fanmi an. Ou ta gen dwa al dèyè nenpòt ki jenn gason, rich osinon pòn, pou marye avè ou, men ou pa fè l'.
And he said, May the Lord give you his blessing, my daughter: even better than what you did at the first is this last kind act you have done, in not going after young men, with or without wealth.
καὶ εἶπεν βοος εὐλογημένη σὺ τῷ κυρίῳ θεῷ θύγατερ ὅτι ἠγάθυνας τὸ ἔλεός σου τὸ ἔσχατον ὑπὲρ τὸ πρῶτον τὸ μὴ πορευθῆναι σε ὀπίσω νεανιῶν εἶτοι πτωχὸς εἶτοι πλούσιος
- 11 Ou pa bezwen bat kò ou, tande. M'ap fè tou sa ou mande m' fè pou ou a. Tout moun konnen ou se yon fanm total.
And now, my daughter, have no fear; I will do for you whatever you say: for it is clear to all my townspeople that you are a woman of virtue.
καὶ νῦν θύγατερ μὴ φοβοῦ πάντα ὅσα ἐὰν εἴπῃς ποιήσω σοι οἶδεν γὰρ πᾶσα φυλὴ λαοῦ μου ὅτι γυνὴ δυνάμειος εἰ σὺ

- 12 Se vre sa ou di a. Mwen se yon fanmi pre nou. Mwen reskonsab ou. Men, gen yon nonm ki fanmi ou pi pre pase m'.
Now it is true that I am a near relation: but there is a relation nearer than I.
καὶ ὅτι ἀληθῶς ἀγγιστεὺς ἐγὼ εἰμι καὶ γε ἔστιν ἀγγιστεὺς ἐγγίον ὑπὲρ ἐμέ
- 13 Ou mèt rete pase nwit lan la. Denmen maten m'a chache konnen si li vle pran reskonsablite a sou do li. Si li dakò pou li pran li, m'a byen kontan. Si li pa vle, enben, mwen fè sèman devan Bondye vivan ki nan syèl la, m'ap pran l' mwen menm. Koulye a, rete kouche la jouk denmen maten.
Take your rest here tonight; and in the morning, if he will do for you what it is right for a relation to do, very well, let him do so: but if he will not, then by the living Lord I myself will do so.
αὐλίσθητι τὴν νύκτα καὶ ἔσται τὸ πρωὶ ἐὰν ἀγγιστεύσῃ σε ἀγαθὸν ἀγγιστεύετω ἐὰν δὲ μὴ βούληται ἀγγιστεῦσαι σε ἀγγιστεύσω σε ἐγὼ ζῆ κύριος κοιμήθητι ἕως πρωὶ
- 14 ¶ Se konsa Rit kouche la nan pye l'. Men, anvan bajou kase, li leve pou moun pa wè l', paske Bòz pa t' vle pesonn konnen li te la.
And she took her rest at his feet till the morning: and she got up before it was light enough for one to see another. And he said, Let it not come to anyone's knowledge that the woman came to the grain-floor.
καὶ ἐκοιμήθη πρὸς ποδῶν αὐτοῦ ἕως πρωὶ ἢ δὲ ἀνέστη πρὸ τοῦ ἐπιγνώνα ἄνδρα τὸν πλησίον αὐτοῦ καὶ εἶπεν βοὸς μὴ γνωσθήτω ὅτι ἦλθεν γυνὴ εἰς τὸν ἄλωνα
- 15 Bòz di l' konsa: -Wete dra ki vlope ou la, louvri l' atè a. Rit louvri dra a atè. Bòz vide dis mamit lòj konsa ladan l'. Li mare l', epi li ede l' mete l' sou tèt li. Apre sa, Rit tounen lavil ak pakèt la.
And he said, Take your robe, stretching it out in your hands: and she did so, and he took six measures of grain and put them into it, and gave it her to take: and she went back to the town.
καὶ εἶπεν αὐτῇ φέρε τὸ περιζῶμα τὸ ἐπάνω σου καὶ ἐκράτησεν αὐτό καὶ ἐμέτρησεν ἕξ κριθῶν καὶ ἐπέθηκεν ἐπ' αὐτήν καὶ εἰσήλθεν εἰς τὴν πόλιν
- 16 Lè li rive lakay li, bèlmè a mande l': -Enben, mafi! Ki jan sa pase? Rit tanmen rakonte l' tou sa Bòz fè pou li.
And when she came back her mother-in-law said to her, How did it go with you, my daughter? And she gave her an account of all the man had done to her.
καὶ ρουθ εἰσήλθεν πρὸς τὴν πενθερὰν αὐτῆς ἢ δὲ εἶπεν τίς εἶ ἤθγατερ καὶ εἶπεν αὐτῇ πάντα ὅσα ἐποίησεν αὐτῇ ὁ ἀνὴρ
- 17 Epi li di: -Anvan m' ale, li di m' konsa ou pa ka tounen san anyen. Se konsa, li ban m' dis mamit lòj sa yo.
And she said, He gave me these six measures of grain, saying, Do not go back to your mother-in-law with nothing in your hands.
καὶ εἶπεν αὐτῇ τὰ ἕξ τῶν κριθῶν ταῦτα ἔδωκέν μοι ὅτι εἶπεν πρὸς με μὴ εἰσελθῆς κενὴ πρὸς τὴν πενθερὰν σου
- 18 Naomi di l': -Koulye a, Rit mafi, poze kò ou tann pou ou wè jan sa pral pase. Bòz p'ap bay kò l' kanpo jòdi a, tout tan li pa regle zafè sa a.
Then she said, Do nothing now, my daughter, till you see what will come of this; for the man will take no rest till he has put this thing through.
ἢ δὲ εἶπεν κάθου θύγατερ ἕως τοῦ ἐπιγνώναί σε πῶς οὐ πεσεῖται ῥῆμα οὐ γὰρ μὴ ἡσυχάσῃ ὁ ἀνὴρ ἕως ἂν τελήσῃ τὸ ῥῆμα σήμερον
- 1 ¶ Bòz ale nan pòtay lavil la, kote moun yo konn reyini an, epi li chita. Lè sa a, yon moun vin ap pase. Se te nèg ki te fanmi Elimelek pi pre pase l' la, nonm Bòz t'ap pale Rit la. Bòz rele l', li di l': -
Entèl, vini m' pale ou, monchè! Chita non! Nonm lan al jwenn li, li chita.
And Boaz went up to the public place of the town, and took his seat there: and the near relation of whom he had been talking came by; and Boaz, crying out to him by name, said, Come and be seated here. And he came and was seated.
καὶ βοὸς ἀνέβη ἐπὶ τὴν πόλιν καὶ ἐκάθισεν ἐκεῖ καὶ ἰδοὺ ὁ ἀγγιστευτὴς παρεπορεύετο ὃν εἶπεν βοὸς καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν βοὸς ἐκκλίνας κάθισον ὧδε κρύφιε καὶ ἐξέκλινεν καὶ ἐκάθισεν
- 2 Bòz fè rele dis nan chèf fanmi lavil la, li fè yo chita la tou. Lè yo fin chita,
Then he got ten of the responsible men of the town, and said, Be seated here. And they took their seats.
καὶ ἔλαβεν βοὸς δέκα ἀνδρας ἀπὸ τῶν πρεσβυτέρων τῆς πόλεως καὶ εἶπεν καθίσατε ὧδε καὶ ἐκάθισαν
- 3 li di nonm ki te fanmi pre Elimelek la: -Naomi tounen soti nan peyi Moab. Koulye a, li ta vle vann jaden ki te pou Elimelek, fanmi nou an.
Then he said to the near relation, Naomi, who has come back from the country of Moab, is offering for a price that bit of land which was our brother Elimelech's:
καὶ εἶπεν βοὸς τῷ ἀγγιστεῖ τὴν μερίδα τοῦ ἀγροῦ ἢ ἔστιν τοῦ ἀδελφοῦ ἡμῶν τοῦ αβιμελεχ ἢ δέδοται νοεμὶν τῇ ἐπιστρεφοῦσῃ ἕξ ἀγροῦ μοαβ
- 4 Mwen kwè se devwa m' pou m' fè ou konnen sa. Si ou vle achte tè a, ou mèt di l' devan dis mesye chèf yo ki chita la a, paske se ou menm an premye lalwa rekonèt dwa sa a. Konsa tou, si ou pa vle, ou mèt di l', paske apre ou, se mwen menm ki gen dwa sa a. Nonm lan di l': -M'ap achte l'.
- 2 Sayil menm te moute kan li anba pye grenad Migwon an, sou lizyè peyi Gibeya a. Li te gen sisan (600) sòlda konsa avè l'.
And Saul was still waiting in the farthest part of Geba, under the fruit-tree in Migron: there were about six hundred men with him;
καὶ σαουλ ἐκάθητο ἐπ' ἄκρου τοῦ βουνοῦ ὑπὸ τὴν ῥόαν τὴν ἐν μαγδων καὶ ἦσαν μετ' αὐτοῦ ὡς ἑξακόσιοι ἄνδρες
- 3 Prèt ki t'ap pote jile Bondye a te rele Akija. Se te pitit Akitoub, pitit frè Ikabòd la. Yo te pitit Fineas ki li menm te pitit Eli, ki te prèt Seyè a lavil Silo. Sòlda yo pa t' konnen Jonatan te pati.
And Ahijah, the son of Ahitub, brother of Ichabod, the son of Phinehas, the son of Eli, the priest of the Lord in Shiloh, who had the ephod. And the people had no idea that Jonathan had gone.
καὶ αχια υἱὸς αχτωβ ἀδελφοῦ ἰωχαβηδ υἱοῦ φινεας υἱοῦ ηλι ἱερεὺς τοῦ θεοῦ ἐν σηλωμ αἶρων εφοῦδ καὶ ὁ λαὸς οὐκ ᾔδει ὅτι πεπόρευται ἰωναθαν
- 4 Nan pas kote Jonatan t'ap chache janbe larivyè pou ale nan kan moun Filisti yo, te gen de gwo wòch, yonn chak bò pas la. Yonn te rele Bozès, lòt la Sene.
Now between the narrow roads over the mountains by which Jonathan was making his way to the Philistines' forces, there was a sharp overhanging rock on one side, and a sharp rock on the other side: one was named Bozez and the other Seneh.
καὶ ἀνὰ μέσον τῆς διαβάσεως οὗ ἐξήτει ἰωναθαν διαβῆναι εἰς τὴν ὑπόστασιν τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἀκρωτήριον πέτρας ἔνθεν καὶ ἀκρωτήριον πέτρας ἔνθεν ὄνομα τῷ ἐνὶ βαζες καὶ ὄνομα τῷ ἄλλῳ σεννα
- 5 Yonn te sou bò nò anfas lavil Mikmas, lòt la sou bò sid anfas lavil Geba.
The one rock went up on the north in front of Michmash and the other on the south in front of Geba.
ἡ ὁδοὺς ἢ μία ἀπὸ βορρᾶ ἐρχομένη μαχεμας καὶ ἡ ὁδοὺς ἢ ἄλλη ἀπὸ νότου ἐρχομένη γαβее

- 6 Jonatan di jenn gason an: -Ann janbe lòt bò nan kan moun Filisti yo, bann moun sa yo ki pa sèvi Seyè a. Ou pa janm konnen, Seyè a ka ede nou. Paske pa gen anyen ki ka anpeche l' fè nou genyen, nou te mèt anpil, nou te mèt pa anpil.
And Jonathan said to his young servant who had his arms, Come, let us go over to the armies of these men who have no circumcision: it may be that the Lord will give us help, for there is no limit to his power; the Lord is able to give salvation by a great army or by a small band.
καὶ εἶπεν ἰωνathan πρὸς τὸ παιδάριον τὸ αἶρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ δεῦρο διαβῶμεν εἰς μεσσαβ τῶν ἀπεριτμητῶν τούτων εἴ τι ποιήσαι ἡμῖν κύριος ὅτι οὐκ ἔστιν τῷ κυρίῳ συνεχόμενον σφάζειν ἐν πολλοῖς ἢ ἐν ὀλίγοις
- 7 Jenn gason an reponn li: -Fè sa ou gen nan lide ou. Ale non! M'ap kanpe avè ou!
And his servant said to him, Do whatever is in your mind: see, I am with you in every impulse of your heart.
καὶ εἶπεν αὐτῷ ὁ αἶρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ ποίει πᾶν ὃ ἐὰν ἡ καρδιά σου ἐκκλίνη ἰδοὺ ἐγὼ μετὰ σοῦ ὡς ἡ καρδιά σου καρδιά μου
- 8 Jonatan di l': -Bon! Nou pral janbe lòt bò a epi n'ap kite yo wè nou.
Then Jonathan said, Now we will go over to these men and let them see us.
καὶ εἶπεν ἰωνathan ἰδοὺ ἡμεῖς διαβαίνομεν πρὸς τοὺς ἄνδρας καὶ κατακυλισθόμεθα πρὸς αὐτούς
- 9 Si yo di nou rete kote nou ye a, y'ap vin jwenn nou, n'ap rete kote nou ye a, nou p'ap mache sou yo.
If they say to us, Keep quiet where you are till we come to you; then we will keep our places and not go up to them.
ἐὰν τάδε εἰπωσιν πρὸς ἡμᾶς ἀπόστητε ἐκεῖ ἕως ἂν ἀπαγγείλωμεν ὑμῖν καὶ στησόμεθα ἐφ' ἑαυτοῖς καὶ οὐ μὴ ἀναβῶμεν ἐπ' αὐτούς
- 10 Men, si yo di nou moute vin jwenn yo, enben! n'a mache sou yo. Paske, sa vle di Seyè a gen tan lage yo nan men nou.
But if they say, Come up to us; then we will go up, for the Lord has given them into our hands: and this will be the sign to us.
καὶ ἐὰν τάδε εἰπωσιν πρὸς ἡμᾶς ἀνάβητε πρὸς ἡμᾶς καὶ ἀναβησόμεθα ὅτι παραδέδωκεν αὐτούς κύριος εἰς τὰς χεῖρας ἡμῶν τοῦτο ἡμῖν τὸ σημεῖον
- 11 Yo parèt kò yo, yo kite moun Filisti yo wè yo. Moun Filisti yo di: -Gade! Men kèk ebre k'ap sotif nan twou kote yo te kache.
And they let the Philistine force see the two of them: and the Philistines said, Look! the Hebrews are coming out of the holes where they have taken cover.
καὶ εἰσῆλθον ἀμφοτέροι εἰς μεσσαβ τῶν ἀλλοφύλων καὶ λέγουσιν οἱ ἀλλόφυλοι ἰδοὺ οἱ εβραῖοι ἐκπορεύονται ἐκ τῶν τρωγλῶν αὐτῶν οὗ ἐκρύβησαν ἐκεῖ
- 12 Sòlda Filisti yo rele Jonatan ak jenn gason an, yo di yo: -Moute vin jwenn nou non. Nou gen yon bagay pou n' di nou. Lè sa a, Jonatan di jenn gason an: -Swiv mwen. Seyè a lage yo nan men pèp Izrayèl la.
And the armed men of the force gave Jonathan and his servant their answer, saying, Come up here to us, and we will let you see something. Then Jonathan said to his servant, Come up after me: for the Lord has given them up into the hands of Israel.
καὶ ἀπεκρίθησαν οἱ ἄνδρες μεσσαβ πρὸς ἰωνathan καὶ πρὸς τὸν αἶροντα τὰ σκευὴ αὐτοῦ καὶ λέγουσιν ἀνάβητε πρὸς ἡμᾶς καὶ γνωριοῦμεν ὑμῖν ῥῆμα καὶ εἶπεν ἰωνathan πρὸς τὸν αἶροντα τὰ σκευὴ αὐτοῦ ὅ ἀνάβηθι ὀπίσω μου ὅτι παρέδωκεν αὐτούς κύριος εἰς χεῖρας ἰσραηλ.
- 13 Jonatan grenpe moute sou men l' ak sou pye l' yo, jenn gason an t'ap swiv li. Jonatan atake moun Filisti yo, li jete yo atè. Jenn gason an menm t'ap touye yo deyè l'.
And Jonathan went up, gripping with his hands and his feet, his servant going up after him; and the Philistines gave way before Jonathan when he made an attack on them, and his servant put them to death after him.
καὶ ἀνέβη ἰωνathan ἐπὶ τὰς χεῖρας αὐτοῦ καὶ ἐπὶ τοὺς πόδας αὐτοῦ καὶ ὁ αἶρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ καὶ ἐπέβλεψαν κατὰ πρόσωπον ἰωνathan καὶ ἐπάταξεν αὐτούς καὶ ὁ αἶρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ ἐ πεδίῳ ὀπίσω αὐτοῦ
- 14 Nan premye atak sa a, Jonatan ak jenn gason an te touye vin sòlda konsa, sou yon ti teren ki pa t' menm mezire yon ka (1/4) kawo tè.
And at their first attack, Jonathan and his servant put to the sword about twenty men, all inside the space of half an acre of land.
καὶ ἐγενήθη ἡ πληγὴ ἢ πρώτη ἦν ἐπάταξεν ἰωνathan καὶ ὁ αἶρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ ὡς εἴκοσι ἄνδρες ἐν βολίσι καὶ ἐν πετροβόλοις καὶ ἐν κόχλαξιν τοῦ πεδίου
- 15 Tout moun Filisti ki te nan kan an, nan tout plenn lan, vin pè anpil. Sòlda yo te mete an avangad yo ak tout rès lame a te vin pè tou. Tè a pran tranble, te gen yon gwo kouri nan tout peyi a.
And there was great fear in the tents and in the field and among all the men of the armed force, and the attackers were shaking with fear; even the earth was moved with a great shaking and there was a fear as from God.
καὶ ἐγενήθη ἔκστασις ἐν τῇ παρεμβολῇ καὶ ἐν ἀργῷ καὶ πᾶς ὁ λαὸς οἱ ἐν μεσσαβ καὶ οἱ διαφθείροντες ἐξέστησαν καὶ αὐτοὶ οὐκ ἤθελον ποιεῖν ἢ γῆ καὶ ἐγενήθη ἔκστασις παρὰ κυρίου
- 16 ¶ Faksyonnè Sayil te mete ap veye lavil Gibeya nan peyi moun Benjamen yo wè te gen yon sèl debandand nan mitan moun Filisti yo ki t'ap kouri tankou moun fou.
And the watchmen of Saul, looking out from Geba in the land of Benjamin, saw all the army flowing away and running here and there.
καὶ εἶδον οἱ σκοποὶ τοῦ σαουλ ἐν γαβее βενιαμιν καὶ ἰδοὺ ἡ παρεμβολὴ τεταραγμένη ἔνθεν καὶ ἔνθεν

- 17 Sayil di moun ki te avè l' yo: -Konte sòlda yo! Gade kilès ki pa la! Yo konte, yo pa jwenn ni Jonatan ni jenn gason ki te konn pote zam li yo.
Then Saul said to the people who were with him, Let everyone be numbered and let us see who has gone from us. And when they had been numbered, it was seen that Jonathan and his servant were not there.
καὶ εἶπεν σαουλ τῷ λαῷ τῷ μετ' αὐτοῦ ἐπισκέψασθε δὴ καὶ ἴδετε τίς πεπόρευται ἐξ ὑμῶν καὶ ἐπισκέψαντο καὶ ἰδοὺ οὐχ εὐρίσκετο ἰωναθαν καὶ ὁ αἴρων τὰ σκεύη αὐτοῦ
- 18 Lè sa a, Sayil di Akija konsa: -Pwoche ak Bwat Kontra Bondye a isit. Li te di sa paske jou sa a se Akija ki t'ap pote bwat la devan pèp Izrayèl la.
And Saul said to Ahijah, Let the ephod come here. For he went before Israel with the ephod at that time.
καὶ εἶπεν σαουλ τῷ αχια προσάγαγε τὸ εφουδ ὅτι αὐτὸς ἦεν τὸ εφουδ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐνώπιον ἰσραηλ
- 19 Pandan Sayil t'ap pale ak prèt la, kouri a te vin pi rèd nan mitan moun Filisti yo. Sayil di prèt la konsa: -Rete sou sa ou fè!
Now while Saul was talking to the priest, the noise in the tents of the Philistines became louder and louder; and Saul said to the priest, Take back your hand.
καὶ ἐγενήθη ὡς ἐλάλει σαουλ πρὸς τὸν ἱερέα καὶ ὁ ἦχος ἐν τῇ παρεμβολῇ τῶν ἀλλοφύλων ἐπορεύετο πορευόμενος καὶ ἐπλήθυνεν καὶ εἶπεν σαουλ πρὸς τὸν ἱερέα συνάγαγε τὰς χεῖράς σου
- 20 Li leve ansanm ak moun ki te avè l' yo, yo ale kote batay la te cho a. Moun Filisti yo menm te fin pèdi tèt yo, yo t'ap goumen yonn ak lòt.
And Saul and all the people with him came together and went forward to the fight: and every man's sword was turned against the man at his side, and there was a very great noise.
καὶ ἀνεβόησεν σαουλ καὶ πᾶς ὁ λαὸς ὁ μετ' αὐτοῦ καὶ ἔρχονται ἕως τοῦ πολέμου καὶ ἰδοὺ ἐγένετο ῥομφαία ἀνδρὸς ἐπὶ τὸν πλησίον αὐτοῦ σύγχυσις μεγάλη σφόδρα
- 21 Gen kèk ebre ki te mete tèt yo bò kote moun Filisti yo, yo te la avèk yo nan kan an. Lè sa a, yo vire kont moun Filisti yo, yo mete yo bò moun pèp Izrayèl yo ki te avèk Sayil ak Jonatan.
Then the Hebrews who had been with the Philistines for some time, and had gone up with them to their tents, turning round were joined to those who were with Saul and Jonathan.
καὶ οἱ δοῦλοι οἱ ὄντες ἐχθρὸς καὶ τρίτην ἡμέραν μετὰ τῶν ἀλλοφύλων οἱ ἀναβάντες εἰς τὴν παρεμβολὴν ἐπεστράφησαν καὶ αὐτοὶ εἶναι μετὰ ἰσραηλ τῶν μετὰ σαουλ καὶ ἰωναθαν
- 22 Moun pèp Izrayèl ki te kache nan mòn Efrayim yo vin tandè moun Filisti yo t'ap kraze rak. Yo menm tou yo vini, yo lage kò yo nan batay la, yo t'ap kouri dèyè moun Filisti yo.
And all the men of Israel who had taken cover in the hill-country of Ephraim, hearing that the Philistines had been put to flight, went after them, attacking them.
καὶ πᾶς ἰσραηλ οἱ κρυπτόμενοι ἐν τῷ ὄρει εφραϊμ καὶ ἤκουσαν ὅτι πεφεύγασιν οἱ ἀλλόφυλοι καὶ συνάπτουσιν καὶ αὐτοὶ ὀπίσω αὐτῶν εἰς πόλεμον
- 23 Se konsa jou sa a, Seyè a te sove pèp Izrayèl la. Yo rive jouk lòt bò lavil Bèt-Avenn, yo t'ap goumen toujou.
So the Lord made Israel safe that day: and the fight went over to Beth-aven.
καὶ ἔσωσεν κύριος ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ τὸν ἰσραηλ καὶ ὁ πόλεμος διήλθεν τὴν βαιθων καὶ πᾶς ὁ λαὸς ἦν μετὰ σαουλ ὡς δέκα χιλιάδες ἀνδρῶν καὶ ἦν ὁ πόλεμος διεσπαρμένος εἰς ὅλην τὴν πόλιν ἐν τῷ ὄρει εφραϊμ
- 24 ¶ Jou sa a, moun pèp Izrayèl yo te fèb anpil tèlman yo te grangou paske Sayil te pran yon gwo angajman devan tout pèp la, li te pase lòd sa a: -Madichon pou nenpòt moun ki va mete manje nan bouch li jòdi a anvan mwen pran revanj mwen sou lènmi m' yo. Se konsa pesonn nan peyi a pa t' manje anyen jou sa a.
And all the people were with Saul, about twenty thousand men, and the fight was general through all the hill-country of Ephraim; but Saul made a great error that day, by putting the people under an oath, saying, Let that man be cursed who takes food before evening comes and I have given punishment to those who are against me. So the people had not a taste of food.
καὶ σαουλ ἠγνόησεν ἄγνοιαν μεγάλην ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ ἀρᾶται τῷ λαῷ λέγον ἐπικατάρατος ὁ ἄνθρωπος ὃς φάγεται ἄρτον ἕως ἑσπέρας καὶ ἐκδικήσω τὸν ἐχθρόν μου καὶ οὐκ ἐγεύσατο πᾶς ὁ λαὸς ἄρτου
- 25 Pèp la rive nan yon gwo rakbwa kote ki te gen anpil siwo myèl.
And there was honey on the face of the field, and all the people came to the honey, the bees having gone from it;
καὶ πᾶσα ἡ γῆ ἠρίστα καὶ ἰασρ δρυμὸς ἦν μελισσῶνος κατὰ πρόσωπον τοῦ ἀγροῦ
- 26 Siwo myèl t'ap koule konsa atè nan rakbwa a, men pesonn pa goute menm ladan l' paske yo te pè pou malè Sayil te di a pa rive yo.
But not a man put his hand to his mouth for fear of the curse.
καὶ εἰσῆλθεν ὁ λαὸς εἰς τὸν μελισσῶνα καὶ ἰδοὺ ἐπορεύετο λαλῶν καὶ ἰδοὺ οὐκ ἦν ἐπιστρέφων τὴν χεῖρα αὐτοῦ εἰς τὸ στόμα αὐτοῦ ὅτι ἐφοβήθη ὁ λαὸς τὸν ὄρκον κυρίου
- 27 Men, Jonatan pa t' konnen papa l' te bay pèp la prigad sa a. Sa li fè, li lonje baton ki te nan men l' lan, li tranpe bout baton an nan yon gato myèl, epi li mete l' nan bouch li. Lamenm, li santi li vin gen fòs ankò.
But Jonathan, having no knowledge of the oath his father had put on the people, stretching out the rod which was in his hand, put the end of it in the honey, and put it to his mouth; then his eyes were made bright.
καὶ ἰωναθαν οὐκ ἀκηκόει ἐν τῷ ὄρκίζειν τὸν πατέρα αὐτοῦ τὸν λαὸν καὶ ἐξέτεινεν τὸ ἄκρον τοῦ σκίπτρου αὐτοῦ τοῦ ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ ἔβαψεν αὐτὸ εἰς τὸ κηρίον τοῦ μέλιτος καὶ ἐπέστρεψεν τὴν χεῖρα αὐτοῦ εἰς τὸ στόμα αὐτοῦ καὶ ἀνέβλεψαν οἱ ὀφθαλμοὶ αὐτοῦ
- 28 Men, yonn nan mesye yo di li: -Tout moun ap tonbe feblès, yo pa manje paske papa ou te ban nou prigad sa a, li te di: Madichon pou nenpòt moun ki manje anyen jòdi a.
Then one of the people said to him, Your father put the people under an oath, saying, Let that man be cursed who takes any food this day. And the people were feeble, needing food.
καὶ ἀπεκρίθη εἷς ἐκ τοῦ λαοῦ καὶ εἶπεν ὀρκίσας ὄρκισεν ὁ πατὴρ σου τὸν λαὸν λέγων ἐπικατάρατος ὁ ἄνθρωπος ὃς φάγεται ἄρτον σήμερον καὶ ἐξελύθη ὁ λαός

- 29 Jonatan reponn li: -Sa papa m' fè pèp la la a pa bon menm! Gade jan m' santi m' gen fòs ankò, paske mwen gouste youn ti siwo myèl.
Then Jonathan said, My father has made trouble come on the land: now see how bright my eyes have become because I have taken a little of this honey.
καὶ ἔγνω ἰωναθαν καὶ εἶπεν ἀπήλλαχεν ὁ πατήρ μου τὴν γῆν ἰδὲ δὴ ὅτι εἶδον οἱ ὀφθαλμοί μου ὅτι ἐγενεσάμην βραχὺ τοῦ μέλιτος τούτου
- 30 Si pèp la te manje nan manje li pran lakay moun Filisti yo jòdi a, koulye a èske nou wè kantite moun Filisti nou ta ka touye met sou sa nou touye deja yo?
How much more if the people had freely taken their food from the goods of those who were fighting against them! would there not have been much greater destruction among the Philistines?
ἀλλ' ὅτι εἰ ἔφαγον ἔσθων ὁ λαὸς σήμερον τῶν σκύλων τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν ὧν εὔρεν ὅτι νῦν ἂν μείζων ἦν ἡ πληγὴ ἐν τοῖς ἀλλοφύλοις
- 31 Jou sa a, moun pèp Izrayèl yo bat moun Filisti yo byen bat, depi lavil Mikmas jouk lavil Ajalon. Pèp la t'ap tonbe feblès tèlman yo te grangou.
That day they overcame the Philistines from Michmash to Ajalon: and the people were feeble from need of food.
καὶ ἐπάταξεν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐκ τῶν ἀλλοφύλων ἐν μαγεμας καὶ ἐκοπίασεν ὁ λαὸς σφόδρα
- 32 Se konsa yo lage kò yo sou sa yo te pran nan men lènmi yo: yo pran mouton, kabrit, gwo bèf, ti bèf, yo touye yo lamenn epi yo manje vyann lan ak tout san an ladan l'.
And rushing at the goods taken in the fight, the people took oxen and sheep and young oxen, and put them to death there on the earth, and had a meal, taking the flesh with the blood in it.
καὶ ἐκλίθη ὁ λαὸς εἰς τὰ σκύλα καὶ ἔλαβεν ὁ λαὸς ποίμνια καὶ βουκόλια καὶ τέκνα βοῶν καὶ ἔσφαξεν ἐπὶ τὴν γῆν καὶ ἤσθιεν ὁ λαὸς σὺν τῷ αἵματι
- 33 Y' al di Sayil konsa: -Gade! Men pèp la ap peche kont Seyè a: Y'ap manje vyann ak tout san an ladan l'. Sayil di konsa: -Nou se youn bann lach! Woule youn gwo wòch bò isit la ban mwen.
Then it was said to Saul, See, the people are sinning against the Lord, taking the blood with the flesh. And he said to those who gave him the news, Now let a great stone be rolled to me here.
καὶ ἀπηγγέλη τῷ σαουλ λέγοντες ἡμάρτηκεν ὁ λαὸς τῷ κυρίῳ φαγὼν σὺν τῷ αἵματι καὶ εἶπεν σαουλ ἐν γεθουμ κυλίσατέ μοι λίθον ἐνταῦθα μέγαν
- 34 Apre sa, li bay lòd sa a: -Gaye kò nou nan tout pèp la. Al di pou chak moun mennen bèf yo ak mouton yo ban mwen. Se isit la n'a touye yo, se isit la n'a manje yo pou nou pa fè peche kont Seyè a, pou nou pa manje vyann yo ak tout san yo ladan yo. Jou swa sa a, chak moun mennen bèt yo te genyen, yo touye yo la.
And Saul said, Go about among the people and say to them, Let every man come here to me with his ox and his sheep, and put them to death here, and take his meal: do no sin against the Lord by taking the blood with the flesh. So all the people took their oxen with them that night and put them to death there.
καὶ εἶπεν σαουλ διασπάρητε ἐν τῷ λαῷ καὶ εἶπατε αὐτοῖς προσαγαγεῖν ἐνταῦθα ἕκαστος τὸν μόσχον αὐτοῦ καὶ ἕκαστος τὸ πρόβατον αὐτοῦ καὶ σφαζέτω ἐπὶ τούτου καὶ οὐ μὴ ἡμάρτητε τῷ κυρίῳ τοῦ ἔσθιεν σὺν τῷ αἵματι καὶ προσῆγεν πᾶς ὁ λαὸς ἕκαστος τὸ ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ ἔσφαζον ἐκεῖ
- 35 Sayil bati youn lotèl pou Seyè a. Se te premye lotèl li te bati.
And Saul put up an altar to the Lord: this was the first altar which he put up to the Lord.
καὶ ὠκοδόμησεν ἐκεῖ σαουλ θυσιαστήριον τῷ κυρίῳ τοῦτο ἦρξατο σαουλ οἰκοδομήσαι θυσιαστήριον τῷ κυρίῳ
- 36 ¶ Sayil di moun yo: -Ann desann dèyè moun Filisti yo. Ann pase nwit lan ap bat yo, n'a piye yo jouk bajou kase, n'a touye yo tout. You reponn li: -Fè sa ou wè ki bon! Men, prèt la di: -Ann gade sa Seyè a di nou sou sa!
And Saul said, Let us go down after the Philistines by night, attacking them till the morning, till there is not a man of them living. And they said, Do whatever seems right to you. Then the priest said, Let us come near to God.
καὶ εἶπεν σαουλ καταβῶμεν ὀπίσω τῶν ἀλλοφύλων τὴν νύκτα καὶ διαρπάσωμεν ἐν αὐτοῖς ἕως διαφάσῃ ἡ ἡμέρα καὶ μὴ ὑπολίπωμεν ἐν αὐτοῖς ἄνδρα καὶ εἶπαν πᾶν τὸ ἀγαθὸν ἐνώπιόν σου ποίει καὶ εἶπεν ὁ ἱερεὺς προσέλθωμεν ἐνταῦθα πρὸς τὸν θεόν
- 37 Sayil mande Seyè a: -Eske se pou m' desann dèyè moun Filisti yo? Eske w'ap lage yo nan men pèp Izrayèl la? Men Seyè a pa reponn li jou sa a.
And Saul, desiring directions from God, said, Am I to go down after the Philistines? will you give them up into the hands of Israel? But he gave him no answer that day.
καὶ ἐπηρώτησεν σαουλ τὸν θεόν εἰ καταβῶ ὀπίσω τῶν ἀλλοφύλων εἰ παραδώσεις αὐτούς εἰς χεῖρας ἰσραηλ καὶ οὐκ ἀπεκρίθη αὐτῷ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ
- 38 Lè sa a, li rele tout chèf pèp la, li di yo: -Pwoche devan la a. Chache konnen ki peche nou te fè jòdi a.
And Saul said, Come near, all you chiefs of the people, and let us get word from God and see in whom is this sin today.
καὶ εἶπεν σαουλ προσαγάγετε ἐνταῦθα πάσας τὰς γωνίας τοῦ ἰσραηλ καὶ γνῶτε καὶ ἴδετε ἐν τίνι γέγονεν ἡ ἁμαρτία αὕτη σήμερον
- 39 Mwen bay pawòl mwen. Mwen fè sèman devan Seyè ki vivan an, li menm ki delivre pèp Izrayèl la, menm si se Jonatan, pitit mwen, ki koupab, se pou l' mouri. Pesonn pa louvri bouch yo di anyen.
For, by the living Lord, the saviour of Israel, even if the sinner is Jonathan, my son, death will certainly be his fate. But not a man among all the people gave him any answer.
ὅτι ζῆ κύριος ὁ σῶσας τὸν ἰσραηλ ὅτι ἐὰν ἀποκριθῆ κατὰ ἰωναθαν τοῦ υἱοῦ μου θανάτῳ ἀποθανεῖται καὶ οὐκ ἦν ὁ ἀποκρινόμενος ἐκ παντὸς τοῦ λαοῦ
- 40 Epi li di tout pèp Izrayèl la: -Nou menm kanpe bò isit. Mwen menm ak Jonatan, pitit gason m' lan, m'ap kanpe bò la. Pèp la di Sayil: -Fè sa ou wè ki bon!
Then he said to all Israel, You be on one side, and I with Jonathan my son will be on the other side. And the people said to Saul, Do whatever seems good to you.
καὶ εἶπεν παντὶ ἰσραηλ ὑμεῖς ἔσσεσθε εἰς δουλείαν καὶ ἐγὼ καὶ ἰωναθαν ὁ υἱός μου ἐσόμεθα εἰς δουλείαν καὶ εἶπεν ὁ λαὸς πρὸς σαουλ τὸ ἀγαθὸν ἐνώπιόν σου ποίει

- 41 Sayil di Seyè a: -Bondye pèp Izrayèl la! Poukisa ou pa reponn mwen jòdi a? Seyè, Bondye pèp Izrayèl la, tanpri, reponn mwen nan ourim ak toumim yo. Si se mwen menm osinon Jonatan ki koupab, w'a bay ourim yo. Men, si se yon moun nan pèp la ki koupab, w'a bay toumim yo. Seyè a fè yo konnen se bò Sayil ak Jonatan fòt la te ye, pèp la te pou anyen nan sa.
Then Saul said to the Lord, the God of Israel, Why have you not given me an answer today? If the sin is in me or in Jonathan my son, O Lord God of Israel, give Urim, and if it is in your people Israel, give Thummim. And by the decision of the Lord, Saul and Jonathan were marked out, and the people went free.
καὶ εἶπεν σαουλ κύριε ὁ θεὸς ἰσραὴλ τί ὅτι οὐκ ἀπεκρίθης τῷ δοῦλῳ σου σήμερον εἰ ἐν ἐμοὶ ἢ ἐν ἰωναθαν τῷ υἱῷ μου ἢ ἀδικία κύριε ὁ θεὸς ἰσραὴλ δὸς δῆλους καὶ ἐὰν τάδε εἴπῃς ἐν τῷ λαῷ σου ἰσραὴλ δὸς δὴ ὁσιότητα καὶ κληροῦται ἰωναθαν καὶ σαουλ καὶ ὁ λαὸς ἐξῆλθεν
- 42 Sayil di: -Koulye a, ant Jonatan avè m', di kilès nan nou de a ki koupab. Seyè a fè konnen se Jonatan.
And Saul said, Give your decision between my son Jonathan and me. And Jonathan was taken.
καὶ εἶπεν σαουλ βάλετε ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ ἀνὰ μέσον ἰωναθαν τοῦ υἱοῦ μου ὃν ἂν κατακληρώσῃται κύριος ἀποθανέτω καὶ εἶπεν ὁ λαὸς πρὸς σαουλ οὐκ ἔστιν τὸ ῥῆμα τοῦτο καὶ κατεκράτησεν σαουλ τοῦ λαοῦ καὶ βάλλουσιν ἀνὰ μέσον αὐτοῦ καὶ ἀνὰ μέσον ἰωναθαν τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ καὶ κατακληροῦται ἰωναθαν
- 43 Lè sa a, Sayil mande Jonatan: -Kisa ou fè? Jonatan reponn: -Mwen te pran ti gout siwo myèl nan pwent baton ki te nan men m' lan, mwen goute. Men mwen! Mwen pare pou m' mouri.
Then Saul said to Jonathan, Give me an account of what you have done. And Jonathan gave him the story and said, Certainly I took a little honey on the end of my rod; and now death is to be my fate.
καὶ εἶπεν σαουλ πρὸς ἰωναθαν ἀπάγγειλόν μοι τί πεποίηκας καὶ ἀπήγγειλεν αὐτῷ ἰωναθαν καὶ εἶπεν γευσάμενος ἐγευσάμην ἐν ἄκρῳ τῷ σκήπτρῳ τῷ ἐν τῇ χειρὶ μου βραχὺ μέλι ἰδοὺ ἐγὼ ἀποθνήσκω
- 44 Sayil di li: -Se pou Bondye ban m' pi gwo pinisyon ki genyen si mwen pa fè yo touye ou.
And Saul said, May God's punishment be on me if death is not your fate, Jonathan.
καὶ εἶπεν αὐτῷ σαουλ τάδε ποιῆσαι μοι ὁ θεὸς καὶ τάδε προσθεῖη ὅτι θανάτῳ ἀποθανῆ σήμερον
- 45 Men pèp la di Sayil konsa: -Se Jonatan ki te genyen bèl batay sa a pou pèp Izrayèl la, li pa ka mouri. Mande Bondye padon! Nou fè sèman devan Seyè ki vivan an, nou p'ap kite yon grenn cheve nan tèt li tonbe, paske se avèk lasistans Bondye li fè sa l' fè jòdi a. Se konsa moun yo enpoze yo touye Jonatan. Li pa mouri.
And the people said to Saul, Is death to come to Jonathan, the worker of this great salvation for Israel? Let it not be so: by the living Lord, not one hair of his head is to be touched, for he has been working with God today. So the people kept Jonathan from death.
καὶ εἶπεν ὁ λαὸς πρὸς σαουλ εἰ σήμερον θανατωθήσεται ὁ ποιήσας τὴν σωτηρίαν τὴν μεγάλην ταύτην ἐν ἰσραὴλ ζῆ κύριος εἰ πεσεῖται τῆς τριχὸς τῆς κεφαλῆς αὐτοῦ ἐπὶ τὴν γῆν ὅτι ὁ λαὸς τοῦ θεοῦ ἐποίησεν τὴν ἡμέραν ταύτην καὶ προσηύξατο ὁ λαὸς περὶ ἰωναθαν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ οὐκ ἀπέθανεν
- 46 Apre sa, Sayil sispann kouri dèyè moun Filisti yo. Moun Filisti yo menm touten nan peyi yo.
Then Saul, turning back, went after the Philistines no longer: and the Philistines went back to their place.
καὶ ἀνέβη σαουλ ἀπὸ ὀπισθεν τῶν ἀλλοφύλων καὶ οἱ ἀλλοφύλοι ἀπήλθον εἰς τὸν τόπον αὐτῶν
- 47 ¶ Apre yo te fin fè Sayil wa peyi Izrayèl la, li fè lagè ak tout lènmi l' yo alawonnbadè: ak moun Moab yo, moun Amon yo, moun Edon yo, ak wa lavil Soba yo, ak moun Filisti yo. Kote li pase, li genyen batay yo.
Now when Saul had taken his place as ruler of Israel, he made war on those who were against him on every side, Moab and the Ammonites and Edom and the kings of Zobah and the Philistines: and whichever way he went, he overcame them.
καὶ σαουλ κατακληροῦται ἔργον ἐπὶ ἰσραὴλ καὶ ἐπολέμει κύκλῳ πάντας τοὺς ἐχθροὺς αὐτοῦ εἰς τὸν μοαβ καὶ εἰς τοὺς υἱοὺς αμμων καὶ εἰς τοὺς υἱοὺς εδομ καὶ εἰς τὸν βαίθεωρ καὶ εἰς βασιλεῖα σουβα καὶ εἰς τοὺς ἀλλοφύλους οὓς ἂν ἐστράφη ἐσφίζετο
- 48 Li te fè wè jan li te yon vanyan sòlda. Li bat ata moun Amalèk yo. Konsa, li delivre pèp Izrayèl la anba men tout moun ki t'ap piye l' yo.
And he did great things, and overcame the Amalekites, and made Israel safe from the hands of their attackers.
καὶ ἐποίησεν δύναμιν καὶ ἐπάταξεν τὸν αμαληκ καὶ ἐξείλατο τὸν ἰσραὴλ ἐκ χειρὸς τῶν καταπατούντων αὐτόν
- 49 Men pitit gason Sayil te genyen: Se te Jonatan, Yichwi ak Malkichwa. Men non de pitit fi li yo: Pi gran an te rele Merab, pi piti a te rele Mikal.
Now the sons of Saul were Jonathan and Ishvi and Malchi-shua; and these are the names of his daughters: the older was named Merab and the younger Michal;
καὶ ἦσαν υἱοὶ σαουλ ἰωναθαν καὶ ἰεσιου καὶ μελχισα καὶ ὀνόματα τῶν δύο θυγατέρων αὐτοῦ ὄνομα τῇ πρωτοτόκῳ μεροβ καὶ ὄνομα τῇ δευτέρᾳ μελχολ
- 50 Madan Sayil te rele Akinoam. Se te pitit Akimas. Kòmandan lame a te rele Abnè. Se te pitit Nè, tonton Sayil.
The name of Saul's wife was Ahinoam, the daughter of Ahimaaz; the captain of his army was Abner, the son of Ner, brother of Saul's father.
καὶ ὄνομα τῇ γυναίκῃ αὐτοῦ ἀχινοομ θυγάτηρ ἀχιμαας καὶ ὄνομα τῷ ἀρχιστρατήγῳ ἀβεννηρ υἱὸς νηρ υἱοῦ οἰκείου σαουλ
- 51 Kich, papa Sayil, ak Nè, papa Abnè, te pitit gason Abiyèl.
Kish, the father of Saul, and Ner, the father of Abner, were sons of Abiel.
καὶ κίς πατὴρ σαουλ καὶ νηρ πατὴρ ἀβεννηρ υἱὸς ἰαμιν υἱοῦ ἀβιηλ

- 52 Sayil pase tout lavi li ap mennen gwo batay ak moun Filisti yo. Chak fwa li te jwenn yon vanyan gason osinon yon moun ki te gen anpil fòs ak kouraj, li te mete l' nan lame li a.
All through the life of Saul there was bitter war against the Philistines; and whenever Saul saw any strong man or any good fighting man, he kept him near himself.
καὶ ἦν ὁ πόλεμος κραταῖος ἐπὶ τοῦς ἀλλοφύλους πάσας τὰς ἡμέρας σαουλ καὶ ἰδὼν σαουλ πάντα ἄνδρα δυνατὸν καὶ πάντα ἄνδρα υἷὸν δυνάμεως καὶ συνήγαγεν αὐτοὺς πρὸς αὐτόν
- 1 ¶ Samyèl di Sayil: -Se mwen menm Seyè a te voye pou vide lwil sou tèt ou pou ou te ka wa sou pèp Izrayèl la. Koulye a, kouste pawòl Seyè a.
And Samuel said to Saul, The Lord sent me to put the holy oil on you and to make you king over his people, over Israel: so give ear now to the words of the Lord.
καὶ εἶπεν σαμουηλ πρὸς σαουλ ἐμὲ ἀπέστειλεν κύριος χριστᾶ σε εἰς βασιλεῖα ἐπὶ ἰσραηλ καὶ νῦν ἀκουε τῆς φωνῆς κυρίου
- 2 Men sa Seyè ki gen tout pouwva a voye di ou: Li pral pini moun Amalèk yo paske yo te kenbe tèt ak pèp Izrayèl la lè yo t'ap moute soti peyi Lejip.
The Lord of armies says, I will give punishment to Amalek for what he did to Israel, fighting against him on the way when Israel came out of Egypt.
τάδε εἶπεν κύριος σαβαωθ νῦν ἐκδικήσω ἃ ἐποίησεν αμαληκ τῷ ἰσραηλ ὡς ἀπήντησεν αὐτῷ ἐν τῇ ὁδῷ ἀναβαίνοντος αὐτοῦ ἐξ αἰγύπτου
- 3 Koulye a, leve al atake moun Amalèk yo. W'a pran tou sa ki pou yo, w'a ofri yo bay Seyè a. Ou p'ap gen pitye pou pesonn lakay yo: N'a touye fanm kou gason, timoun ak ti bebe nan tete, ata bèt, mouton, chamo ak bourik.
Go now and put Amalek to the sword, putting to the curse all they have, without mercy: put to death every man and woman, every child and baby at the breast, every ox and sheep, camel and ass.
καὶ νῦν πορεύου καὶ πατάξεις τὸν αμαληκ καὶ ἱεριμ καὶ πάντα τὰ αὐτοῦ καὶ οὐ περιποιήσῃ ἐξ αὐτοῦ καὶ ἐξολοθρεύσεις αὐτὸν καὶ ἀναθεματιεῖς αὐτὸν καὶ πάντα τὰ αὐτοῦ καὶ οὐ φείσῃ ἅπ' αὐτοῦ καὶ ἃ ποκτενεῖς ἀπὸ ἀνδρῶς καὶ ἕως γυναικὸς καὶ ἀπὸ νηπίου ἕως θηλάζοντος καὶ ἀπὸ μόσχου ἕως προβάτου καὶ ἀπὸ καμήλου ἕως ὄνου
- 4 Sayil rele tout sòlda li yo. Li pase yo enspekasyon lavil Telayim. Te gen desanmil (200.000) sòlda apye ki te moun Izrayèl ak dimil (10.000) sòlda ki te moun Jida.
And Saul sent for the people and had them numbered in Telaim, two hundred thousand footmen and ten thousand men of Judah.
καὶ παρήγγειλεν σαουλ τῷ λαῷ καὶ ἐπισκέπτεται αὐτοὺς ἐν γαλγαλοῖς τετρακοσίας χιλιάδας ταγμάτων καὶ τὸν ἰουδαν τριάκοντα χιλιάδας ταγμάτων
- 5 Lèfini, li desann toupre yonn nan lavil moun Amalèk yo. L' al kache kò li nan yon ravin chèch.
And Saul came to the town of Amalek, and took up his position in the valley secretly.
καὶ ἦλθεν σαουλ ἕως τῶν πόλεων αμαληκ καὶ ἐνήδρευσεν ἐν τῷ χειμάρρῳ
- 6 Apre sa, li voye avèti moun Kayen yo: -Wete kò nou! Kite moun Amalèk yo pou kont yo, pou nou pa touye nou ansanm ak yo. Paske nou menm moun Kayen, nou te aji byen ak pèp Izrayèl la lè yo t'ap tounen soti nan peyi Lejip la. Se konsa moun Kayen yo pati, yo wete kò yo nan mitan moun Amalèk yo.
And Saul said to the Kenites, Go away, take yourselves out from among the Amalekites, or destruction will overtake you with them: for you were kind to the children of Israel when they came out of Egypt. So the Kenites went away from among the Amalekites.
καὶ εἶπεν σαουλ πρὸς τὸν κιναιὸν ἄπελθε καὶ ἐκκλινον ἐκ μέσου τοῦ αμαληκίτου μὴ προσθῶ σε μετ' αὐτοῦ καὶ σὺ ἐποίησας ἔλεος μετὰ τῶν υἱῶν ἰσραηλ ἐν τῷ ἀναβαίνειν αὐτοὺς ἐξ αἰγύπτου καὶ ἐξέκλινεν ὁ κιναιὸς ἐκ μέσου αμαληκ
- 7 Sayil bat moun Amalèk yo depi lavil Avila rive Chou sou bò solèy leve peyi Lejip.
And Saul made an attack on the Amalekites from Havilah on the road to Shur, which is before Egypt.
καὶ ἐπάταξεν σαουλ τὸν αμαληκ ἀπὸ εὐλατ ἕως σουρ ἐπὶ προσώπου αἰγύπτου
- 8 Li pran Agag, wa moun Amalèk yo, tou vivan, men li touye tout rèss moun yo tankou yon ofrann pou Bondye.
He took Agag, king of the Amalekites, prisoner, and put all the people to the sword without mercy.
καὶ συνέλαβεν τὸν ἀγαγ βασιλεῖα αμαληκ ζῶντα καὶ πάντα τὸν λαὸν ἱεριμ ἀπέκτεινεν ἐν στόματι ῥομφαίας
- 9 Men Sayil ak sòlda li yo pa t' touye Agag. Yo pa t' touye pi bèl mouton yo ni pi bèl bèf yo, ni yo pa t' touye ankenn bèt ki te bon. Men, yo touye tout bèt ki te lèd, tout bèt ki te mèg tankou yon ofrann pou Bondye.
But Saul and the people did not put Agag to death, and they kept the best of the sheep and the oxen and the fat beasts and the lambs, and whatever was good, not desiring to put them to the curse: but everything which was bad and of no use they put to the curse.
καὶ περιποιήσατο σαουλ καὶ πᾶς ὁ λαὸς τὸν ἀγαγ ζῶντα καὶ τὰ ἀγαθὰ τῶν ποιμνίων καὶ τῶν βουκολίων καὶ τῶν ἐδεσμάτων καὶ τῶν ἀμπελώνων καὶ πάντων τῶν ἀγαθῶν καὶ οὐκ ἐβούλετο αὐτὰ ἐξολοθρεῦσαι καὶ πᾶν ἔργον ἠτιμωμένον καὶ ἐξουδενωμένον ἐξωλέθρευσαν
- 10 ¶ Seyè a pale ak Samyèl, li di l' konsa:
Then the Lord said to Samuel,
καὶ ἐγενήθη ῥῆμα κυρίου πρὸς σαμουηλ λέγων
- 11 -Mwen règrèt mwen te fè Sayil wa. Li vire do ban mwen. Li pa fè sa mwen ba li lòd fè. Samyèl pa t' kontan, li fè tout nwit lan ap lapriyè nan pye Seyè a.
It is no longer my pleasure for Saul to be king; for he is turned back from going in my ways, and has not done my orders. And Samuel was very sad, crying to the Lord in prayer all night.
παρὰ ἐκκλημῖα ὅτι ἐβασίλευσα τὸν σαουλ εἰς βασιλεῖα ὅτι ἀπέστρεψεν ἀπὸ ὀπισθέν μου καὶ τοὺς λόγους μου οὐκ ἐτήρησεν καὶ ἠθύμῃσεν σαμουηλ καὶ ἐβόησεν πρὸς κύριον ὅλην τὴν νύκτα

- 12 Nan denmen maten, bonè bonè, li soti al chache Sayil. Yo vin di Samyèl Sayil t' ale lavil Kamèl, kote li fè bati yon moniman pou tèt li, apre sa, li tounen isit, li desann lavil Gilgal. **And early in the morning he got up and went to Saul; and word was given to Samuel that Saul had come to Carmel and put up a pillar, and had gone from there down to Gilgal.** και ὄρθρισεν σαμουηλ και ἐπορεύθη εἰς ἀπάντησιν ἰσραηλ πρωί και ἀπαγγέλη τῷ σαμουηλ λέγοντες ἦκει σαουλ εἰς κάρμηλον και ἀνέστακεν αὐτῷ χεῖρα και ἐπέστρεψεν τὸ ἄρμα και κατέβη εἰς γαλγ αλα πρὸς σαουλ και ἰδοὺ αὐτὸς ἀνέφερεν ὀλοκαυτώσιν τῷ κυρίῳ τὰ πρῶτα τῶν σκύλων ὧν ἤνεγκεν ἐξ αμαληκ
- 13 Samyèl al jwenn Sayil. Sayil vin di l' bonjou: -Se pou Seyè a beni ou! Mwen fè tou sa li te ban m' lòd fè. **And Samuel came to Saul; and Saul said to him, May the blessing of the Lord be with you: I have done what was ordered by the Lord.** και παρεγένετο σαμουηλ πρὸς σαουλ και εἶπεν αὐτῷ σαουλ εὐλογητὸς σὺ τῷ κυρίῳ ἔστησα πάντα ὅσα ἐλάλησεν κύριος
- 14 Samyèl mande l': -Ki tout bri mouton ak bèf m'ap tande nan zòrèy mwen konsa? **And Samuel said, What then is this sound of the crying of sheep and the noise of oxen which comes to my ears?** και εἶπεν σαμουηλ και τίς ἡ φωνὴ τοῦ ποιμνίου τούτου ἐν τοῖς ὠσίν μου και φωνὴ τῶν βοῶν ὧν ἐγὼ ἀκούω
- 15 Sayil reponn li: -Anhan! Se bèt sòlda mwen yo pran kay moun Amalèk yo. Yo pran pi bèl mouton yo ak pi bèl bèf yo, yo pa touye yo pou yo te ka ofri yo bay Seyè a, Bondye ou la. Men, yo touye tout rès yo nèt tankou yon ofrann pou Bondye. **And Saul said, They have taken them from the Amalekites: for the people have kept the best of the sheep and of the oxen as an offering to the Lord your God; all the rest we have given up to destruction.** και εἶπεν σαουλ ἐξ αμαληκ ἤνεγκα αὐτὰ ἃ περιποιήσατο ὁ λαὸς τὰ κράτιστα τοῦ ποιμνίου και τῶν βοῶν ὅπως τυθῆ τῷ κυρίῳ θεῷ σου και τὰ λοιπὰ ἐξολέθρευσα
- 16 Samyèl di l' konsa: -Pe bouch ou, tande! Kite m' di ou sa Seyè a te vin di m' lannwit lan. Sayil di li: -Pale non! **Then Samuel said to Saul, Say no more! Let me give you word of what the Lord has said to me this night. And he said to him, Say on.** και εἶπεν σαμουηλ πρὸς σαουλ ἄνεξ και ἀπαγγέλω σοι ἃ ἐλάλησεν κύριος πρὸς με τὴν νύκτα και εἶπεν αὐτῷ λάλησον
- 17 Samyèl di li: -Atout yon lè ou te rekonèt ou pa t' anyen, jòdi a se pa ou menm ki chèf tout branch fanmi pèp Izrayèl la? Se pa Seyè a menm ki te chwazi ou pou wa pèp Izrayèl la? **And Samuel said, Though you may seem little to yourself, are you not head of the tribes of Israel? for the Lord with the holy oil made you king over Israel,** και εἶπεν σαμουηλ πρὸς σαουλ οὐχὶ μικρὸς σὺ εἶ ἐνώπιον αὐτοῦ ἡγουμένος σκίηπτρου φυλῆς ἰσραηλ και ἔχρισέν σε κύριος εἰς βασιλέα ἐπὶ ἰσραηλ
- 18 Li voye ou ale avèk lòd espere pou ou te touye tout moun Amalèk yo, bann moun sa yo k'ap fè sa ki mal, tankou yon ofrann pou Bondye. Se pou ou te goumen ak yo jouk ou te fin touye yo tout. **And the Lord sent you on a journey and said, Go and put to the curse those sinners, the Amalekites, fighting against them till every one is dead.** και ἀπέστειλén σε κύριος ἐν ὁδῷ και εἶπέν σοι πορευθήτη και ἐξολέθρευσον τοὺς ἀμαρτάνοντας εἰς ἐμέ τὸν αμαληκ και πολεμήσεις αὐτούς ἕως συντελέσης αὐτούς
- 19 Poukisa ou pa koute sa Seyè a te di ou? Poukisa ou lage kò ou sou sa ou te pran nan men lènmi ou yo, epi ou fè sa ki pa fè Seyè a plezi. **Why then did you not do the orders of the Lord, but by violently taking their goods did evil in the eyes of the Lord?** και ἵνα τί οὐκ ἤκουσας τῆς φωνῆς κυρίου ἀλλ' ὄρμησας τοῦ θέσθαι ἐπὶ τὰ σκῦλα και ἐποίησας τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου
- 20 Sayil reponn Samyèl li di li: -Mwen fè tou sa Seyè a te di m' fè! Mwen mache dapre lòd li. Mwen pran Agag, wa moun Amalèk yo, mwen tounen avè l'. Mwen touye tout rès moun Amalèk yo tankou yon ofrann pou Bondye. **And Saul said, Truly, I have done the orders of the Lord and have gone the way the Lord sent me; I have taken Agag, the king of Amalek, and have given the Amalekites up to destruction.** και εἶπεν σαουλ πρὸς σαμουηλ διὰ τὸ ἀκοῦσαί με τῆς φωνῆς τοῦ λαοῦ και ἐπορεύθην ἐν τῇ ὁδῷ ἣ ἀπέστειλén με κύριος και ἤγαγον τὸν αγαγ βασιλέα αμαληκ και τὸν αμαληκ ἐξολέθρευσα
- 21 Men sòlda mwen yo pa t' touye bèl mouton ak pi bèl bèf yo te jwenn nan sa yo te pran lakay lènmi sa yo. Yo pote yo isit la, lavil Gilgal, pou yo te ka ofri yo sou lotèl la bay Seyè a, Bondye ou la. **But the people took some of their goods, sheep and oxen, the chief of the things which were put to the curse, to make an offering of them to the Lord your God in Gilgal.** και ἔλαβεν ὁ λαὸς τῶν σκύλων ποιμνια και βουκόλια τὰ πρῶτα τοῦ ἐξολεθρευμάτος θῆσαι ἐνώπιον κυρίου θεοῦ ἡμῶν ἐν γαλγαλοῖς
- 22 Lè sa a, Samyèl di l' konsa: -Dapre ou, kisa Seyè a pito: yon moun k'ap ofri bèt pou boule nan dife, k'ap fè tout kalite ofrann bèt pou li, osinon yon moun k'ap fè sa li di l' fè a? Konn sa tande! Pito yon moun fè sa Seyè a di l' fè a pase pou l' touye bèt ofri pou Bondye. Pito yon moun soumèt devan Bondye pase pou l' ofri bèl belye chatre pou Seyè a. **And Samuel said, Has the Lord as much delight in offerings and burned offerings as in the doing of his orders? Truly, to do his pleasure is better than to make offerings, and to give ear to him than the fat of sheep.** και εἶπεν σαμουηλ εἰ θελητὸν τῷ κυρίῳ ὀλοκαυτώματα και θυσία ὡς τὸ ἀκοῦσαι φωνῆς κυρίου ἰδοὺ ἀκοή ὑπὲρ θυσίαν ἀγαθὴ και ἡ ἐπακρόασις ὑπὲρ στέαρ κριῶν
- 23 Dezobeyi Bondye nan sa l' mande ou fè a se menm bagay ak fè maji. Fè tèt di ak Bondye se menm bagay ak sèvi zidòl. Enben, ou voye pawòl Bondye a jete, Seyè a wete ou nan plas wa a, li voye ou jete tou. Li pa gen anyen pou l' wè avè ou ankò! **For to go against his orders is like the sin of those who make use of secret arts, and pride is like giving worship to images. Because you have put away from you the word of the Lord, he has put you from your place as king.** ὅτι ἀμαρτία οἰωνισμὰ ἐστὶν ὁδύνην και πόνους θεραφιν ἐπάγουσιν ὅτι ἐξουδένωσας τὸ ῥῆμα κυρίου και ἐξουδενώσει σε κύριος μὴ εἶναι βασιλέα ἐπὶ ἰσραηλ

- 24 ¶ Sayil reponn li: -Mwen peche, mwen pa fè sa Seyè a te ban m' lòd fè. Mwen pa t' koute pawòl ou te di m' lan. Se pè mwen te pè mesye m' yo kifè m' fè sa yo te vle fè a.
And Saul said to Samuel, Great is my sin: for I have gone against the orders of the Lord and against your words: because, fearing the people, I did what they said.
καὶ εἶπεν σαουλ πρὸς σαμουηλ ἡμάρτηκα ὅτι παρέβην τὸν λόγον κυρίου καὶ τὸ ῥῆμά σου ὅτι ἐφοβήθην τὸν λαὸν καὶ ἤκουσα τῆς φωνῆς αὐτῶν
- 25 Men koulye a, tanpri, padonnen peche m' lan. Tounen avè m' pou m' ka sèvi Seyè a.
So now, let my sin have forgiveness, and go back with me to give worship to the Lord.
καὶ νῦν ἄρον δὴ τὸ ἡμάρτημά μου καὶ ἀνάστρεψον μετ' ἐμοῦ καὶ προσκυνήσω κυρίῳ τῷ θεῷ σου
- 26 Samyèl di li: -Non, mwen p'ap tounen avè ou. Paske ou voye pawòl Bondye a jete, Seyè a wete ou nan plas wa a, li voye ou jete tou.
And Samuel said to Saul, I will not go back with you: for you have put away from you the word of the Lord, and the Lord has put you from your place as king over Israel.
καὶ εἶπεν σαμουηλ πρὸς σαουλ οὐκ ἀναστρέφω μετὰ σοῦ ὅτι ἐξουδένωσας τὸ ῥῆμα κυρίου καὶ ἐξουδενώσει σε κύριος τοῦ μὴ εἶναι βασιλεῖα ἐπὶ τὸν Ἰσραηλ
- 27 Samyèl fè sa li vire pou l' ale, Sayil kenbe rad li, rad la chire.
And when Samuel was turning round to go away, Saul took the skirt of his robe in his hand, and the cloth came away.
καὶ ἀπέστρεψεν σαμουηλ τὸ πρόσωπον αὐτοῦ τοῦ ἀπελθεῖν καὶ ἐκράτησεν σαουλ τοῦ πεταρυγίου τῆς διπλοῖδος αὐτοῦ καὶ διέρρηξεν αὐτό
- 28 Samyèl di li: -Seyè a rache gouvènman peyi Izrayèl la nan men ou jòdi a. Li rale l' nan men ou. Li pral renmèt li bay yon lòt moun ki pi bon pase ou.
And Samuel said to him, The Lord has taken away the kingdom of Israel from you this day by force, and has given it to a neighbour of yours who is better than you.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν σαμουηλ διέρρηξεν κύριος τὴν βασιλείαν Ἰσραηλ ἐκ χειρὸς σου σήμερον καὶ δώσει αὐτὴν τῷ πλησίον σου τῷ ἀγαθῷ ὑπὲρ σέ
- 29 Bondye ki wa pèp Izrayèl la pa konn manti, ni li pa konn chanje lide. Se pa moun li ye. Li p'ap chanje pawòl.
And further, the Glory of Israel will not say what is false, and his purpose may not be changed: for he is not a man, whose purpose may be changed.
καὶ διαιεθήσεται Ἰσραηλ εἰς δύο καὶ οὐκ ἀποστρέψει οὐδὲ μετανοήσει ὅτι οὐχ ὡς ἄνθρωπός ἐστιν τοῦ μετανοῆσαι αὐτός
- 30 Sayil reponn li: -Mwen peche, se vre! Men, pa fè m' wont devan tout chèf pèp mwen an, devan tout pèp Izrayèl la. Tounen avè m' pou m' ka fè sèvis pou Seyè a, Bondye ou la.
Then he said, Great is my sin: but still, give me honour now before the heads of my people and before Israel, and come back with me so that I may give worship to the Lord your God.
καὶ εἶπεν σαουλ ἡμάρτηκα ἀλλὰ δόξασόν με δὴ ἐνώπιον πρεσβυτέρων Ἰσραηλ καὶ ἐνώπιον λαοῦ μου καὶ ἀνάστρεψον μετ' ἐμοῦ καὶ προσκυνήσω τῷ κυρίῳ θεῷ σου
- 31 Se konsa Samyèl tounen avèk Sayil, epi Sayil fè sèvis pou Seyè a.
So Samuel went back after Saul, and Saul gave worship to the Lord.
καὶ ἀνέστρεψεν σαμουηλ ὀπίσω σαουλ καὶ προσεκύνησεν τῷ κυρίῳ
- 32 ¶ Apre sa, Samyèl di konsa: -Mennen Agag, wa moun Amalèk yo, ban mwen. Agag vin jwenn li. Li t'ap tranble tèlman li te pè. Li t'ap di nan kè l': Ala bagay di, mezanmi, se lanmò!
Then Samuel said, Make Agag, the king of the Amalekites, come here to me. And Agag came to him shaking with fear. And Agag said, Truly the pain of death is past.
καὶ εἶπεν σαμουηλ προσάγετέ μοι τὸν ἀγαγ βασιλεῖα αμαληκ καὶ προσῆλθεν πρὸς αὐτὸν ἀγαγ τρέμων καὶ εἶπεν ἀγαγ εἰ οὕτως πικρὸς ὁ θάνατος
- 33 Samyèl di li: -Avèk nepe ou, ou te fè anpil manman pèdi pitit yo. Koulye a, nan tout fanm ki sou latè, manman ou pral pèdi pitit pa li tou. Epi li koupe Agag an moso la devan lotèl Seyè a lavil Gilgal.
And Samuel said, As your sword has made women without children, so now your mother will be without children among women. And Agag was cut up by Samuel, bone from bone, before the Lord in Gilgal.
καὶ εἶπεν σαμουηλ πρὸς ἀγαγ καθότι ἠτέκνωσεν γυναῖκας ἢ ῥομφαία σου οὕτως ἀτεκνωθήσεται ἐκ γυναικῶν ἢ μήτηρ σου καὶ ἐσφαξεν σαμουηλ τὸν ἀγαγ ἐνώπιον κυρίου ἐν γαλαγαλ
- 34 Lèfini, Samyèl desann lavil Rama. Sayil menm moute al lakay li lavil Gibeya.
Then Samuel went to Ramah; and Saul went up to his house in Gibeah, in the land of Saul.
καὶ ἀπῆλθεν σαμουηλ εἰς Ἀρμαθαίμ καὶ σαουλ ἀνέβη εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ εἰς Γαββα
- 35 Depi lè sa a, Samyèl pa janm wè wa Sayil ankò jouk li mouri. Men, sa te fè l' lapenn anpil pou Sayil. Seyè a menm te regrèt deske li te fè Sayil wa pèp Izrayèl la.
And Samuel never saw Saul again till the day of his death; but Samuel was sorrowing for Saul: and it was no longer the Lord's pleasure for Saul to be king over Israel.
καὶ οὐ προσέθετο σαμουηλ ἔτι ἰδεῖν τὸν σαουλ ἕως ἡμέρας θανάτου αὐτοῦ ὅτι ἐπένοιθε σαμουηλ ἐπὶ σαουλ καὶ κύριος μετεμελήθη ὅτι ἐβασίλευσεν τὸν σαουλ ἐπὶ Ἰσραηλ
- 1 ¶ Seyè a di Samyèl konsa: -Kilè w'a sispann gen lapenn pou Sayil? Se mwen menm ki voye l' jete pou l' pa wa pèp Izrayèl la ankò. Plen ti poban ou lan lwil. Leve ou ale. M'ap voye ou lavil Betleyèm, kay yon nonm yo rele Izayì, paske mwen chwazi yonn nan pitit gason l' yo pou vin wa.
And the Lord said to Samuel, How long will you go on sorrowing for Saul, seeing that I have put him from his place as king over Israel? Take oil in your vessel and go; I will send you to Jesse, the Beth-lehemite: for I have got a king for myself among his sons.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς σαμουηλ ἕως πότε σὺ πενθεῖς ἐπὶ σαουλ κἀγὼ ἐξουδένωκα αὐτὸν μὴ βασιλεύειν ἐπὶ Ἰσραηλ πλησον τὸ κέρας σου ἐλαίου καὶ δεῦρο ἀποστειλὼ σε πρὸς Ἰεσσαὶ ἕως εἰς Βηθλεεμ ὅτι ἐώρακα ἐν τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ ἐμοὶ βασιλεύειν

- 2 Samyèl di li: -Ki jan ou vle mwen fè bagay konsa? Si Sayil vin konn sa, l'a touye m'. Seyè a reponn li: -Pran yon jenn ti gazèl avè ou, epi w'a di: Mwen vin fè yon sèvis ofrann bèt pou Seyè a. **And Samuel said, How is it possible for me to go? If Saul gets news of it he will put me to death. And the Lord said, Take a young cow with you and say, I have come to make an offering to the Lord.** **καὶ εἶπεν σαμουὴλ πῶς πορευθῶ καὶ ἀκούσεται σαουλ καὶ ἀποκτενεῖ με καὶ εἶπεν κύριος δάμαλιν βοῶν λαβὲ ἐν τῇ χειρὶ σου καὶ ἔρεις θῆσαι τῷ κυρίῳ ἤκω**
- 3 W'a envite Izayi nan sèvis la. Mwen menm, m'a di ou sa pou ou fè. W'a mete moun m'a di ou la apa pou sèvi wa devan m'. **And send for Jesse to be present at the offering, and I will make clear to you what you are to do: and you are to put the holy oil on him whose name I give you.** **καὶ καλέσεις τὸν ιεσσαὶ εἰς τὴν θυσίαν καὶ γνωριῶ σοὶ ἃ ποιήσεις καὶ χρίσεις ὃν ἐὰν εἶπω πρὸς σέ**
- 4 Samyèl fè tou sa Seyè a te di l' fè a. L' ale lavil Betleyèm. Chèf ki reskonsab lavil yo vin kontre l'. Yo tout te gen kè sote. Yo di l' konsa: -Eske se pou byen nou ou vin isit la? **And Samuel did as the Lord said and came to Beth-lehem. And the responsible men of the town came out to him in fear and said, Do you come in peace?** **καὶ ἐποίησεν σαμουὴλ πάντα ἃ ἐλάλησεν αὐτῷ κύριος καὶ ἦλθεν εἰς βηθλεεμ καὶ ἐξέστησαν οἱ πρεσβύτεροι τῆς πόλεως τῇ ἀπαντήσῃ αὐτοῦ καὶ εἶπαν εἰρήνη ἢ εἰσοδός σου ὃ βλέπων**
- 5 Samyèl di: -Wi se pou byen nou. Mwen vin fè yon sèvis ofrann bèt pou Seyè a. Ale mete nou nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye. Apre sa, n'a vin avè m' nan sèvis la. Li te mande Izayi ansanm ak pitit li yo pou yo te mete yo nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye tou. Lèfini, li envite yo nan sèvis ofrann bèt la tou. **And he said, In peace: I have come to make an offering to the Lord: make yourselves clean and come with me to make the offering. And he made Jesse and his sons clean, and sent for them to be present at the offering.** **καὶ εἶπεν εἰρήνη θῆσαι τῷ κυρίῳ ἤκω ἀγιάσθητε καὶ εὐφράνητε μετ' ἐμοῦ σήμερον καὶ ἡγίασεν τὸν ιεσσαὶ καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ καὶ ἐκάλεσεν αὐτοὺς εἰς τὴν θυσίαν**
- 6 ¶ Lè yo rive, Samyèl wè Eliyab, yonn nan pitit gason Izayi yo, li di nan kè l': -Nèg sa a ki kanpe devan lotèl la, sèten se li menm Seyè a chwazi. **Now when they came, looking at Eliab, he said, Clearly the man of the Lord's selection is before him.** **καὶ ἐγενήθη ἐν τῷ αὐτοὺς εἰσεῖναι καὶ εἶδεν τὸν ελιαβ καὶ εἶπεν ἀλλὰ καὶ ἐνώπιον κυρίου χριστὸς αὐτοῦ**
- 7 Men Granmèt la di l': -Pa gade sou bèl aparans li, ni sou bèl wotè li. Paskè mwen mete l' sou kote. Mwen pa jije valè yon moun jan lèzòm fè l' la. Lèzòm gade sou sa ki parèt devan je yo. Men, mwen menm mwen gade sa ki nan kè moun. **But the Lord said to Samuel, Do not take note of his face or how tall he is, because I will not have him: for the Lord's view is not man's; man takes note of the outer form, but the Lord sees the heart.** **καὶ εἶπεν κύριος πρὸς σαμουὴλ μὴ ἐπιβλέψῃς ἐπὶ τὴν ὄψιν αὐτοῦ μηδὲ εἰς τὴν ἔξιν μεγέθους αὐτοῦ ὅτι ἐξουδένωκα αὐτόν ὅτι οὐχ ὡς ἐμβλέμεται ἄνθρωπος ὄψεται ὁ θεός ὅτι ἄνθρωπος ὄψεται εἰς πρόσωπον ὁ δὲ θεὸς ὄψεται εἰς καρδίαν**
- 8 Apre sa, Izayi fè rele Abinadab, yon lòt nan pitit gason l' yo, li mennen l' bay Samyèl. Men, Samyèl di: -Sa a tou, se pa li Seyè a chwazi. **Then Jesse sent for Abinadab and made him come before Samuel. And he said, The Lord has not taken this one.** **καὶ ἐκάλεσεν ιεσσαὶ τὸν αμιναδαβ καὶ παρήλθεν κατὰ πρόσωπον σαμουὴλ καὶ εἶπεν οὐδὲ τοῦτον ἐξελέξατο κύριος**
- 9 Izayi fè mennen Chama devan Samyèl. Men, Samyèl di: -Sa a tou, se pa li Seyè a chwazi. **Then Jesse made Shammah come before him. And he said, The Lord has not taken this one.** **καὶ παρήγαγεν ιεσσαὶ τὸν σαμα καὶ εἶπεν καὶ ἐν τούτῳ οὐκ ἐξελέξατο κύριος**
- 10 Konsa konsa, Izayi te mennen sèt nan pitit gason l' yo bay Samyèl. Epi Samyèl di Izayi konsa: -Non, Seyè a pa chwazi yonn ladan yo. **And Jesse made his seven sons come before Samuel. And Samuel said to Jesse, The Lord has not taken any of these.** **καὶ παρήγαγεν ιεσσαὶ τοὺς ἑπτὰ υἱοὺς αὐτοῦ ἐνώπιον σαμουὴλ καὶ εἶπεν σαμουὴλ οὐκ ἐξελέξατο κύριος ἐν τούτοις**
- 11 Lè sa a, Samyèl di Izayi ankò: -Se tout pitit gason ou yo sa? Ou pa gen lòt? Izayi reponn: -Wi, mwen gen yon ti dènye. Men, l' al mennen mouton m' yo al nan manje. Samyèl di li: -Voye chache l', paskè nou p'ap konmanse sèvis la tout tan li pa vini. **Then Samuel said to Jesse, Are all your children here? And he said, There is still the youngest, and he is looking after the sheep. And Samuel said to Jesse, Send and make him come here: for we will not take our seats till he is here.** **καὶ εἶπεν σαμουὴλ πρὸς ιεσσαὶ ἐκκλειπίσιν τὰ παιδάρια καὶ εἶπεν ἔτι ὁ μικρὸς ἰδοὺ ποιμαίνει ἐν τῷ ποιμνίῳ καὶ εἶπεν σαμουὴλ πρὸς ιεσσαὶ ἀπόστειλον καὶ λαβὲ αὐτόν ὅτι οὐ μὴ κατακλιθῶμεν ἕως τὸ ἔλθειν αὐτόν**
- 12 Se konsa Izayi voye chache ti nonm lan. Yo mennen l' vini. Se te yon jenn gason ak bèl ti je, cheve l' te yon ti koulè kannèl, li te gen bèl figi. Seyè a di Samyèl: -Men li! Kanpe non, vide lwil sou tèt li. **So he sent and made him come in. Now he had red hair and beautiful eyes and pleasing looks. And the Lord said, Come, put the oil on him, for this is he.** **καὶ ἀπέστειλεν καὶ εἰσήγαγεν αὐτόν καὶ οὗτος πυρράκης μετὰ κάλλους ὀφθαλμῶν καὶ ἀγαθὸς ὀράσει κυρίῳ καὶ εἶπεν κύριος πρὸς σαμουὴλ ἀνάστα καὶ χρίσον τὸν δαυὶδ ὅτι οὗτος ἀγαθός ἐστιν**
- 13 Samyèl pran ti poban lwil la, li vide l' sou tèt David, la devan tout frè li yo. Lamenm Lespri Seyè a desanm sou David. Depi jou sa a, li pa t' janm kite l'. Apre sa, Samyèl leve, li tounen lavil Rama. **Then Samuel took the bottle of oil, and put the oil on him there among his brothers: and from that day the spirit of the Lord came on David with power. So Samuel went back to Ramah.** **καὶ ἔλαβεν σαμουὴλ τὸ κέρας τοῦ ἐλαίου καὶ ἔχρισεν αὐτόν ἐν μέσῳ τῶν ἀδελφῶν αὐτοῦ καὶ ἐφήλατο πνεῦμα κυρίου ἐπὶ δαυὶδ ἀπὸ τῆς ἡμέρας ἐκείνης καὶ ἐπάνω καὶ ἀνέστη σαμουὴλ καὶ ἀπήλθεν εἰς ἄρμαθαιμ**

- 14 ¶ Lespri Seyè a te kite Sayil, epi Seyè a voye yon move lespri sou li ki t'ap toumante l'.
Now the spirit of the Lord had gone from Saul, and an evil spirit from the Lord was troubling him.
καὶ πνεῦμα κυρίου ἀπέστη ἀπὸ σαουλ καὶ ἐπιγιγεν αὐτὸν πνεῦμα πονηρὸν παρὰ κυρίου
- 15 Moun k'ap sèvi Sayil yo di l' konsa: -Gade! Ou konnen Seyè a voye yon move lespri sou ou k'ap toumante ou!
And Saul's servants said to him, See now, an evil spirit from God is troubling you.
καὶ εἶπαν οἱ παῖδες σαουλ πρὸς αὐτὸν ἰδοὺ δὴ πνεῦμα κυρίου πονηρὸν πνίγει σε
- 16 Mèt, annik pase yon lòd, epi nou menm ki la avè ou, n'a chache yon moun ki konn jwe gita. Konsa, chak fwa move lespri a va vin sou ou, moun lan va jwe pou ou, epi w'a santi yon soulajman.
Now give orders to your servants who are here before you to go in search of a man who is an expert player on a corded instrument: and it will be that when the evil spirit from God is on you, he will make music for you on his instrument, and you will get well.
εἰπάτωσαν δὴ οἱ δοῦλοι σου ἐνώπιόν σου καὶ ζητησάτωσαν τῷ κυρίῳ ἡμῶν ἄνδρα εἰδότα ψάλλειν ἐν κινύρα καὶ ἔσται ἐν τῷ εἶναι πνεῦμα πονηρὸν ἐπὶ σοὶ καὶ ψαλεῖ ἐν τῇ κινύρα αὐτοῦ καὶ ἀγαθὸν σοὶ ἔσται καὶ ἀναπαύσει σε
- 17 Sayil di moun k'ap sèvi l' yo: -Al chache yon moun ki konn jwe mizik mennen ban mwen.
And Saul said to his servants, Then get me a man who is an expert player, and make him come to me.
καὶ εἶπεν σαουλ πρὸς τοὺς παῖδας αὐτοῦ ἴδετε δὴ μοι ἄνδρα ὀρθῶς ψάλλοντα καὶ εἰσαγάγετε αὐτὸν πρὸς ἐμέ
- 18 Yonn nan mesye yo di konsa: -Izayi, moun lavil Betleyèm lan, gen yon pitit gason ki konn jwe mizik. Se yon vanyan gason, yon bon sòlda ki gen bon pawòl nan bouch li. Lèfini, li byen kanpe. Seyè a avèk li.
Then one of the servants in answer said, I have seen a son of Jesse, the Beth-lehemite, who is expert at playing, and a strong man and a man of war; and he is wise in his words, and pleasing in looks, and the Lord is with him.
καὶ ἀπεκρίθη εἷς τῶν παιδαρίων αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἰδοὺ ἔώρακα υἱὸν τῷ ἰεσσαὶ βηθλεεμίτην καὶ αὐτὸν εἰδότα ψαλμὸν καὶ ὁ ἀνὴρ συνετός καὶ ὁ ἀνὴρ πολεμιστής καὶ σοφὸς λόγῳ καὶ ἀνὴρ ἀγαθὸς τῷ εἶδει καὶ κύριος μετ' αὐτοῦ
- 19 Se konsa Sayil voye kèk mesaje bò kote Izayi pou di li: -Voye David, pitit gason ou ki konn okipe mouton ou yo, ban mwen.
So Saul sent his servants to Jesse and said, Send me your son David who is with the sheep.
καὶ ἀπέστειλεν σαουλ ἀγγέλους πρὸς ἰεσσαὶ λέγων ἀπόστειλον πρὸς με τὸν υἱὸν σου δαυὶδ τὸν ἐν τῷ ποιμνίῳ σου
- 20 Izayi pran yon veso plen diven, yon jenn ti kabrit ak yon bourik chaje pen, li bay David pou renmèt Sayil. Epi li voye a al jwenn wa a.
- 10 Apre yon ti tan, Nabal repomn yo: -David? Pitit gason Izayi a? Mwen pa konnen l' non. Atò, koulye peyi a plen yon bann domestik ki sove kite lakay mèt yo.
 And Nabal gave them his answer and said, Who is David? who is the son of Jesse? there are a number of servants in these days running away from their masters.
 και ἀπεκρίθη ναβαλ τοῖς παισὶν δαυιδ και εἶπεν τίς ὁ δαυιδ και τίς ὁ υἱὸς Ἰεσσαὶ σήμερον πεπληθυμμένοι εἰσὶν οἱ δοῦλοι ἀναχωροῦντες ἕκαστος ἐκ προσώπου τοῦ κυρίου αὐτοῦ
- 11 Anhan! Pou m' pran pen ak dlo lakay mwen ak vyann bèt nou fè touye pou gadò mouton m' yo, pou m' bay yon bann moun mwen pa konnen kote yo soti?
 Am I to take my bread and my wine and the meat I have got ready for my wool-cutters and give it to men coming from I have no idea where?
 και λήψομαι τοὺς ἄρτους μου και τὸν οἶνόν μου και τὰ θύματά μου ἃ θέθυκα τοῖς κείρουσίν μου τὰ πρόβατα και δόσω αὐτὰ ἀνδράσιν οἷς οὐκ οἶδα πόθεν εἰσὶν

- 12 ¶ Mesye yo tounen al jwenn David. Lè yo rive, yo rapòte ba li tou sa Nabal te di.
So David's young men, turning away, went back and gave him an account of everything he had said.
καὶ ἀπεστράφησαν τὰ παιδάρια δαυιδ εἰς ὁδὸν αὐτῶν καὶ ἀνέστρεψαν καὶ ἦλθον καὶ ἀνήγγειλαν τῷ δαυιδ κατὰ τὰ ῥήματα ταῦτα
- 13 David di yo: -Pran nepe nou, pase yo nan ren nou. Yo tout pase nepe yo nan ren yo. David tou. Lèfini, katsan (400) nan mesye yo ale avèk David. Lòt desan yo (200) rete dèyè ak pwovizyon yo.
And David said to his men, Put on your swords, every one of you. And every man put on his sword; and David did the same; and about four hundred men went up with David, and two hundred kept watch over their goods.
καὶ εἶπεν δαυιδ τοῖς ἀνδράσιν αὐτοῦ ζώσασθε ἕκαστος τὴν ῥομφαίαν αὐτοῦ καὶ ἀνέβησαν ὀπίσω δαυιδ ὡς τετρακόσιοι ἄνδρες καὶ οἱ διακόσιοι ἐκάθισαν μετὰ τῶν σκευῶν
- 14 Yonn nan domestik Nabal yo al avèti Abigayèl, madanm Nabal, li di l': -David te voye kèk mesajè sot nan dezè a avèk bèl bonjou pou mèt nou an. Men li menm, li pale mal ak yo.
But one of the young men said to Nabal's wife Abigail, David sent men from the waste land to say kind words to our master, and he gave them a rough answer.
καὶ τῇ αβιγαια γυναικὶ ναβαλ ἀπήγγειλεν ἔν τῶν παιδαρίων λέγων ἰδοὺ δαυιδ ἀπέστειλεν ἀγγέλους ἐκ τῆς ἐρήμου εὐλογῆσαι τὸν κύριον ἡμῶν καὶ ἐξέκλιεν ἀπ' αὐτῶν
- 15 Men, mesye sa yo te bon pou nou: Yo pa t' janm chache nou kont. Nou pa t' janm pèdi anyen pandan tout tan nou te la ansanm ak yo nan savann lan.
But these men have been very good to us; they did us no wrong and nothing of ours was touched while we were with them in the fields:
καὶ οἱ ἄνδρες ἀγαθοὶ ἡμῖν σφόδρα οὐκ ἀπεκόλωσαν ἡμᾶς οὐδὲ ἐνετειλαντο ἡμῖν πάσας τὰς ἡμέρας ὡς ἡμεν παρ' αὐτοῖς καὶ ἐν τῷ εἶναι ἡμᾶς ἐν ἀγρῷ
- 16 Yo te pwoteje nou lajounen kou lannwit pandan tout tan nou te la nan mitan yo ap pran swen bann mouton nou yo.
But day and night they were like a wall round us while we were with them, looking after the sheep.
ὡς τεῖχος ἦσαν περὶ ἡμᾶς καὶ τὴν νύκτα καὶ τὴν ἡμέραν πάσας τὰς ἡμέρας ὡς ἡμεθα παρ' αὐτοῖς ποιμαίνοντες τὸ ποιμνιον
- 17 Koulye a, kalkile byen sa ou wè ou ka fè, paske bagay la ka vire mal ni pou mèt nou ni pou tout fanmi l'. Mari ou sitèlman gen move jan, moun pa ka pale ak li.
So now, give thought to what you are going to do; for evil is in store for our master and all his house: for he is such a good-for-nothing person that it is not possible to say anything to him.
καὶ νῦν γνῶθι καὶ ἰδὲ τί σὺ ποιήσεις ὅτι συντελέσται ἡ κακία εἰς τὸν κύριον ἡμῶν καὶ εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ καὶ οὗτος υἱὸς λοιμῶς καὶ οὐκ ἔστιν λαλῆσαι πρὸς αὐτόν
- 18 ¶ Abigayèl prese pran desan (200) pen, de gwo vesò an po bèt plen diven, senk mouton tou kwit, de barik grenn griye, san mamit rezen chèch, desan (200) gato fèt ak figfrans chèch, li chaje tou sa sou bourik.
Then Abigail quickly took two hundred cakes of bread and two skins full of wine and five sheep ready for cooking and five measures of dry grain and a hundred parcels of dry grapes and two hundred cakes of figs, and put them on asses.
καὶ ἔσπευσεν αβιγαια καὶ ἔλαβεν διακοσίους ἄρτους καὶ δύο ἀγγεῖα οἴνου καὶ πέντε πρόβατα πεποιημένα καὶ πέντε οἶφι ἀλφίτου καὶ γομορ ἔν σταφίδος καὶ διακοσίας παλάθας καὶ ἔθετο ἐπὶ τοὺς ὄνου
ς
- 19 Lèfini, li di domestik li yo: -Nou mèt pran devan, mwen menm mwen dèyè. Men li pa di Nabal, mari l' anyen.
And she said to her young men, Go on in front of me and I will come after you. But she said nothing to her husband Nabal.
καὶ εἶπεν τοῖς παιδαρίοις αὐτῆς προπορεύεσθε ἔμπροσθέν μου καὶ ἰδοὺ ἐγὼ ὀπίσω ὑμῶν παραγίνομαι καὶ τῷ ἀνδρὶ αὐτῆς οὐκ ἀπήγγειλεν
- 20 Abigayèl te moute sou yon bourik. Li t'ap desann yon ti mòn lè li rive nan yon koub, li tonbe bab pou bab ak David ki t'ap mache sou li ansanm ak mesye l' yo. Yo kontre.
Now while she was going down under cover of the mountain on her ass, David and his men came down against her, and suddenly she came face to face with them.
καὶ ἐγενήθη αὐτῆς ἐπιβεβηκυῖς ἐπὶ τὴν ὄνον καὶ καταβαινούσης ἐν σκέπη τοῦ ὄρους καὶ ἰδοὺ δαυιδ καὶ οἱ ἄνδρες αὐτοῦ κατέβαινον εἰς συνάντησιν αὐτῆς καὶ ἀπήντησεν αὐτοῖς
- 21 David t'ap di nan kè li: -Sa m' te bezwen pwoteje tou sa nonm sa a te genyen nan dezè a fè? Li pa janm pèdi anyen nan sa ki te pou li. Epi se konsa l'ap peye m' pou tout byen mwen fè pou li yo?
Now David had said, What was the use of my taking care of this man's goods in the waste land, so that there was no loss of anything which was his? he has only given me back evil for good.
καὶ δαυιδ εἶπεν ἰσως εἰς ἄδικον πεφύλακα πάντα τὰ αὐτοῦ ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ οὐκ ἐνετειλάμεθα λαβεῖν ἐκ πάντων τῶν αὐτοῦ οὐθέν καὶ ἀνταπέδοκέν μοι πονηρὰ ἀντὶ ἀγαθῶν
- 22 Se pou Bondye ban m' pi gwo pinisyon ki genyen si anvan denmen maten mwen pa touye dènye moun lakay li, granmoun kou timoun.
May God's punishment be on David, if when morning comes there is so much as one male of his people still living.
τάδε ποιῆσαι ὁ θεὸς τῷ δαυιδ καὶ τάδε προσθεῖη εἰ ὑπολείψομαι ἐκ πάντων τῶν τοῦ ναβαλ ἕως πρωὶ οὐροῦντα πρὸς τοῖχον
- 23 Wè Abigayèl wè David, li kouri desann bourik li a, li lage kò l' ajenou devan David, li bese tèt li jouk atè.
And when Abigail saw David, she quickly got off her ass, falling down on her face before him.
καὶ εἶδεν αβιγαια τὸν δαυιδ καὶ ἔσπευσεν καὶ κατεπήδησεν ἀπὸ τῆς ὄνου καὶ ἔπεσεν ἐνώπιον δαυιδ ἐπὶ πρόσωπον αὐτῆς καὶ προσεκύνησεν αὐτῷ ἐπὶ τὴν γῆν
- 24 Apre sa, li lage kò l' nan pye David, li di l' konsa: -Tanpri, chèf mwen, ban m' pèmisyon pale avè ou. Tout fèt la se pou mwen. Koute sa m'ap di ou.
And falling at his feet she said, May the wrong be on me, my lord, on me: let your servant say a word to you, and give ear to the words of your servant.
ἐπὶ τοὺς πόδας αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἐν ἐμοὶ κύριέ μου ἡ ἀδικία λαλησάτω δὴ ἡ δοῦλή σου εἰς τὰ ὦτά σου καὶ ἄκουσον τῆς δοῦλης σου λόγον

- 25 Tanpri, pa okipe nonm yo rele Nabal la. Se yon vòryen. Se pa pou gremesi yo rele l' Nabal ki vle di moun fou. Mwen menm, mèt, mwen pa t' wè mesye ou te voye yo.
Let my lord give no attention to Nabal, that good-for-nothing: for as his name is, so is he, a man without sense: but I, your servant, did not see the young men whom my lord sent.
 μη δὴ θέσθω ὁ κύριός μου καρδίαν αὐτοῦ ἐπὶ τὸν ἄνθρωπον τὸν λοιμὸν τοῦτον ὅτι κατὰ τὸ ὄνομα αὐτοῦ οὕτως ἐστὶν ναβαλ ὄνομα αὐτῷ καὶ ἀφροσύνη μετ' αὐτοῦ καὶ ἐγὼ ἡ δούλη σου οὐκ εἶδον τὰ παιδιά σου ἃ ἀπέστειλας
- 26 Se Seyè a menm ki anpeche ou mete san deyò pou pran revanj ou. Koulye a, mwen fè sèman devan Seyè a ak devan ou menm, mèt mwen, se pou tout lènmi ou yo, tout moun ki ta vle fè ou mal, fini tankou Nabal.
So now, my lord, by the living God and by your living soul, seeing that the Lord has kept you from the crime of blood and from taking into your hands the punishment for your wrongs, may all your haters, and those who would do evil to my lord, be like Nabal.
 καὶ νῦν κύριε ζῆ κύριος καὶ ζῆ ἡ ψυχὴ σου καθὼς ἐκόλωσέν σε κύριος τοῦ μη ἔλθειν εἰς αἷμα ἀθῶον καὶ σφάζειν τὴν χειρὰ σοῦ σοὶ καὶ νῦν γένοιτο ὡς ναβαλ οἱ ἐχθροὶ σου καὶ οἱ ζητοῦντες τῷ κυρίῳ μου κακὰ
- 27 Koulye a, mèt mwen, men sa mwen pote fè ou kado pou ou bay moun k'ap mache avè ou yo.
And let this offering, which your servant gives to my lord, be given to the young men who are with my lord.
 καὶ νῦν λαβὲ τὴν εὐλογίαν ταύτην ἣν ἐνήνοχεν ἡ δούλη σου τῷ κυρίῳ μου καὶ δώσεις τοῖς παιδαρίοις τοῖς παρεστηκόσιν τῷ κυρίῳ μου
- 28 Tanpri, mèt, padonnen sa mwen fè ki mal. Seyè a va ba ou yon fanmi ki p'ap janm disparèt, paske batay w'ap mennen yo se batay Seyè a yo ye. Ou p'ap janm fè anyen ki mal nan tout lavi ou.
And may the sin of your servant have forgiveness: for the Lord will certainly make your family strong, because my lord is fighting in the Lord's war; and no evil will be seen in you all your days.
 ἄρον δὴ τὸ ἀνόμημα τῆς δούλης σου ὅτι ποιῶν ποιήσει κύριος τῷ κυρίῳ μου οἶκον πιστόν ὅτι πόλεμον κυρίου ὁ κύριός μου πολεμεῖ καὶ κακία οὐχ εὐρεθήσεται ἐν σοὶ πάποτε
- 29 Si yon moun konprann pou li atake ou, si l'ap chache touye ou, Seyè a, Bondye ou la, va pwoteje ou. L'a sere ou bò kote l' tankou lè yon moun ap sere yon bagay li renmen anpil. Men l'ap pran lènmi ou yo, l'ap voye yo jete byen lwen tankou lè yon moun ap voye wòch nan fistibal.
And though a man has taken up arms against you, putting your life in danger, still the soul of my lord will be kept safe among the band of the living with the Lord your God; and the souls of those who are against you he will send violently away from him, like stones from a bag.
 καὶ ἀναστήσεται ἄνθρωπος καταδιώκων σε καὶ ζητῶν τὴν ψυχὴν σου καὶ ἔσται ἡ ψυχὴ κυρίου μου ἐνδεδεμένη ἐν δεσμῷ τῆς ζωῆς παρὰ κυρίῳ τῷ θεῷ καὶ ψυχὴν ἐχθρῶν σου σφενδονήσεις ἐν μέσῳ τῆς σφενδόνης
- 30 Konsa, lè Seyè a va fè pou ou tout bèl bagay li te pwomèt ou yo, lè l'a mete ou chèf sou pèp Izrayèl la,
And when the Lord has done for my lord all those good things which he has said he will do for you, and has made you a ruler over Israel;
 καὶ ἔσται ὅτι ποιήσει κύριος τῷ κυρίῳ μου πάντα ὅσα ἐλάλησεν ἀγαθὰ ἐπὶ σέ καὶ ἐντελεῖται σοὶ κύριος εἰς ἡγούμενον ἐπὶ Ἰσραηλ
- 31 wi, lè sa a, mèt mwen, ou p'ap bezwen nan règrèt, ni konsyans ou p'ap boulvèse deske ou te mete san moun deyò san rezon osinon deske ou te pran revanj ou sou moun. Lè Seyè a va beni ou, tanpri pa bliye m'.
Then you will have no cause for grief, and my lord's heart will not be troubled because you have taken life without cause and have yourself given punishment for your wrongs: and when the Lord has been good to you, then give a thought to your servant.
 καὶ οὐκ ἔσται σοὶ τοῦτο βδελυγμὸς καὶ σκάνδαλον τῷ κυρίῳ μου ἐκχέαι αἷμα ἀθῶον δωρεὰν καὶ σῶσαι χεῖρα κυρίου μου αὐτῷ καὶ ἀγαθώσει κύριος τῷ κυρίῳ μου καὶ μνησθήσεται τῆς δούλης σου ἀγαθὸν ὡσαὶ αὐτῇ
- 32 ¶ David di Abigayèl konsa: -Lwanj pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki voye ou jòdi a vin kontre avè m'!
And David said to Abigail, May the Lord, the God of Israel, be praised, who sent you to me today:
 καὶ εἶπεν δαυὶδ τῇ αβιγαῖα εὐλογητὸς κύριος ὁ θεὸς Ἰσραηλ ὃς ἀπέστειλέν σε σήμερον ἐν ταύτῃ εἰς ἀπάντησίν μου
- 33 Kite m' di Bondye mèsi pou bon konprann ou genyen an, pou ou menm tou deske jòdi a ou vin kenbe men m' pou m' pa mete san moun deyò, pou m' pa tire revanj mwen mwen menm.
A blessing on your good sense and on you, who have kept me today from the crime of blood and from taking into my hands the punishment for my wrongs.
 καὶ εὐλογητὸς ὁ τρόπος σου καὶ εὐλογημένη σὺ ἡ ἀποκωλύσασά με σήμερον ἐν ταύτῃ μη ἔλθειν εἰς αἵματα καὶ σῶσαι χεῖρά μου ἐμοί
- 34 Seyè a pa kite m' fè ou anyen. Men tou, si ou pa t' prese vin kontre avè m', mwen fè sèman devan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, anvan denmen maten tout gason fanmi Nabal yo, ata ti gason piti yo, t'ap pèdi lavi yo.
For truly, by the living Lord, the God of Israel, who has kept me from doing you evil, if you had not been so quick in coming to me and meeting me, by dawn there would not have been in Nabal's house so much as one male living.
 πλὴν ὅτι ζῆ κύριος ὁ θεὸς Ἰσραηλ ὃς ἀπεκόλωσέν με σήμερον τοῦ κακοποιησαί σε ὅτι εἰ μη ἔσπευσας καὶ παρεγένου εἰς ἀπάντησίν μοι τότε εἶπα εἰ ὑπολειφθήσεται τῷ ναβαλ ἕως φωτὸς τοῦ πρωὶ οὐρ ὄν πρὸς τοίχον
- 35 Abigayèl renmèt David tou sa li te pote, epi David di l': -Tounen lakay ou ak kè poze! Mwen koute tou sa ou di m' la a. Ou pa bezwen bat kò ou.
Then David took from her hands her offering; and he said to her, Go back to your house in peace; see, I have given ear to your voice, and taken your offering with respect.
 καὶ ἔλαβεν δαυὶδ ἐκ χειρὸς αὐτῆς πάντα ἃ ἔφερεν αὐτῷ καὶ εἶπεν αὐτῇ ἀνάβηθι εἰς εἰρήνην εἰς οἶκόν σου βλέπε ἤκουσα τῆς φωνῆς σου καὶ ἡρέτισα τὸ πρόσωπόν σου

- 36 ¶ Abigayèl tounen al jwenn Nabal lakay li. Nabal t'ap fè yon gwo resepsyon, parèy ak resepsyon wa yo konn fè. Nabal te sou anpil, kè l' te kontan. Madanm lan pa di l' anyen jouk nan denmen maten.
And Abigail went back to Nabal; and he was feasting in his house like a king; and Nabal's heart was full of joy, for he had taken much wine; so she said nothing to him till dawn came.
καὶ παρεγενήθη αβιγαια πρὸς ναβαλ καὶ ἰδοὺ αὐτῷ πότος ἐν οἴκῳ αὐτοῦ ὡς πότος βασιλέως καὶ ἡ καρδία ναβαλ ἀγαθὴ ἐπ' αὐτόν καὶ αὐτὸς μεθύων ἕως σφόδρα καὶ οὐκ ἀπήγγειλεν αὐτῷ ῥῆμα μικρὸν ἢ μέγα ἕως φωτὸς τοῦ πρωῖ
- 37 Nan maten, lè Nabal fin desoule, madanm li rakonte l' tout bagay. Msye fè yon kriz kè, li vin paralize nan tout kò l'.
And in the morning, when the effect of the wine was gone, Nabal's wife gave him an account of all these things, and all the heart went out of him, and he became like stone.
καὶ ἐγένετο πρωῖ ὡς ἐξένηψεν ἀπὸ τοῦ οἴνου ναβαλ ἀπήγγειλεν αὐτῷ ἡ γυνὴ αὐτοῦ τὰ ῥήματα ταῦτα καὶ ἐναπέθανεν ἡ καρδία αὐτοῦ ἐν αὐτῷ καὶ αὐτὸς γίνεται ὡς λίθος
- 38 Dis jou apre sa, Seyè a frape Nabal, Nabal mouri.
And about ten days after, the Lord sent disease on Nabal and death came to him.
καὶ ἐγένετο ὥσει δέκα ἡμέραι καὶ ἐπάταξεν κύριος τὸν ναβαλ καὶ ἀπέθανεν
- 39 Lè David vin konnen Nabal mouri, li di: -Lwanj pou Seyè a! Li fè Nabal peye wont li te fè m' lan, li kenbe men m' pou m' pa fè sa ki mal. Seyè a fè mehanste Nabal la tonbe sou pwòp tèt li. Apre sa a David voye di Abigayèl li ta renmen l' pou madanm.
And David, hearing that Nabal was dead, said, May the Lord be praised, who has taken up my cause against Nabal for the shame which he put on me, and has kept back his servant from evil, and has sent on Nabal's head the reward of his evil-doing. And David sent word to Abigail, desiring to take her as his wife.
καὶ ἤκουσεν δαυὶδ καὶ εἶπεν εὐλογητὸς κύριος ὃς ἔκρινεν τὴν κρίσιν τοῦ ὀνειδισμού μου ἐκ χειρὸς ναβαλ καὶ τὸν δοῦλον αὐτοῦ περιεποιήσατο ἐκ χειρὸς κακῶν καὶ τὴν κακίαν ναβαλ ἀπέστρεψεν κύριος εἰς κεφαλὴν αὐτοῦ καὶ ἀπέστειλεν δαυὶδ καὶ ἐλάλησεν περὶ αβιγαιας λαβεῖν αὐτὴν ἑαυτῷ εἰς γυναῖκα
- 40 Moun David yo al jwenn Abigayèl lavil Kamèl. Yo pale avè l', yo di l' konsa: -David voye nou bò kote ou pou nou mennen ou ba li pou l' sa marye avè ou.
And when David's servants came to Carmel, to Abigail, they said to her, David has sent us to you to take you to him as his wife.
καὶ ἦλθον οἱ παῖδες δαυὶδ πρὸς αβιγαιαν εἰς κάρμηλον καὶ ἐλάλησαν αὐτῇ λέγοντες δαυὶδ ἀπέστειλεν ἡμᾶς πρὸς σὲ λαβεῖν σε αὐτῷ εἰς γυναῖκα
- 41 Abigayèl leve, li lage kò l' ajenou, li bese tèt li atè epi li di: -Se domestik li mwen ye, mwen tou pare pou m' lave pye moun pa l' yo.
And she got up, and going down on her face to the earth, said, See, I am ready to be a servant-girl, washing the feet of the servants of my lord.
καὶ ἀνέστη καὶ προσεκύνησεν ἐπὶ τὴν γῆν ἐπὶ πρόσωπον καὶ εἶπεν ἰδοὺ ἡ δοῦλή σου εἰς παιδίσκην νύμφαι πόδας τῶν παίδων σου
- 42 Abigayèl leve byen vit, li moute bourik li. Li pran senk jenn fi ki t'ap sèvi avè l' lakay li. Li pati ak mesaj David yo. Se konsa li vin madanm David.
Then Abigail got up quickly and went on her ass, with five of her young women, after the men whom David had sent; and she became David's wife.
καὶ ἀνέστη αβιγαια καὶ ἐπέβη ἐπὶ τὴν ὄνον καὶ πέντε κοράσια ἠκολούθουν αὐτῇ καὶ ἐπορεύθη ὀπίσω τῶν παίδων δαυὶδ καὶ γίνεται αὐτῷ εἰς γυναῖκα
- 43 David te deja marye ak Akinoam, moun lavil Jizreyèl. Li vin pran Abigayèl koulye a, sa te fè l' de madanm.
And David had taken Ahinoam of Jezreel, to be his wife; these two were his wives.
καὶ τὴν αχινναμ ἔλαβεν δαυὶδ ἐξ ἰσραὴλ καὶ ἀμφότεραι ἦσαν αὐτῷ γυναῖκες
- 44 Sayil menm bò pa l' te pran Mikal, pitit fi li a ki te madanm David, li marye l' ak Palti, pitit gason Layis, moun lavil Galim.
Now Saul had given his daughter Michal, David's wife, to Palti the son of Laish of Gallim.
καὶ σαουλ ἔδωκεν μελχολ τὴν θυγατέρα αὐτοῦ τὴν γυναῖκα δαυὶδ τῷ φαλι νιῶ λαις τῷ ἐκ ρομμα
- 1 ¶ Moun ki rete nan dezè Zif yo al jwenn Sayil lavil Gibeya, yo di l': -Men David kache sou ti mòn Akila a, sou limit dezè peyi Jida a.
And the Ziphites came to Saul at Gibeah, and said, Is not David waiting secretly near us in the hill of Hachilah, before the waste land?
καὶ ἔρχονται οἱ ζιφῆται ἐκ τῆς ἀυμώδους πρὸς τὸν σαουλ εἰς τὸν βουνὸν λέγοντες ἰδοὺ δαυὶδ σκεπάζεται μεθ' ἡμῶν ἐν τῷ βουνῷ τοῦ εχελα τοῦ κατὰ πρόσωπον τοῦ ἰσσαιμου
- 2 Sayil pati lamenn avèk twamil (3000) sòlda nan pi bon sòlda peyi Izrayèl la. Li desann nan dezè Zif la al dèyè David.
Then Saul went down to the waste land of Ziph, taking with him three thousand of the best men of Israel, to make search for David in the waste land of Ziph.
καὶ ἀνέστη σαουλ καὶ κατέβη εἰς τὴν ἔρημον ζιφ καὶ μετ' αὐτοῦ τρεῖς χιλιάδες ἀνδρῶν ἐκλεκτοὶ ἐξ ἰσραὴλ ζητεῖν τὸν δαυὶδ ἐν τῇ ἐρήμῳ ζιφ
- 3 Li moute kan li sou ti mòn Akila a, toupren wout la, sou limit dezè a. David menm te nan dezè a toujou. Lè li vin konnen Sayil te vin dèyè l' nan dezè a,
And Saul put up his tents on the hill of Hachilah, which is in front of the waste land on the road. But David was in the waste land, and he saw that Saul was coming after him.
καὶ παρενέβαλεν σαουλ ἐν τῷ βουνῷ τοῦ εχελα ἐπὶ προσώπου τοῦ ἰσσαιμου ἐπὶ τῆς ὁδοῦ καὶ δαυὶδ ἐκάθισεν ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ εἶδεν δαυὶδ ὅτι ἦκει σαουλ ὀπίσω αὐτοῦ εἰς τὴν ἔρημον
- 4 li voye kèk espyon. Yo vin di l' Sayil te desann vre nan dezè a.
And so David sent out watchers, and got word from them that Saul was certainly coming.
καὶ ἀπέστειλεν δαυὶδ κατασκόπους καὶ ἔγνω ὅτι ἦκει σαουλ ἔτοιμος ἐκ κεῖλα

- 5 David leve, li pati pou kote Sayil te moute kan lame li a. Li gade pozisyon kote Sayil ak kòmandan lame li a, Abnè, pitit gason Nè a, te kouche. Sayil te kouche nan mitan, tout sòlda yo te kouche bò kote l'.
- And David got up and came to the place where Saul's tents were: and David had a view of the place where Saul was sleeping with Abner, the son of Ner, the captain of his army: and Saul was sleeping inside the ring of carts, and the tents of the people were all round him.
- καὶ ἀνέστη δαυὶδ λάθρα καὶ εἰσπορεύεται εἰς τὸν τόπον οὗ ἐκάθευδεν ἐκεῖ σαουλ καὶ ἐκεῖ ἀβεννηρ υἱὸς νηρ ἀρχιστράτηγος αὐτοῦ καὶ σαουλ ἐκάθευδεν ἐν λαμπήνῃ καὶ ὁ λαὸς παρεμβοληκὸς κύκλῳ αὐτοῦ
- 6 ¶ David pale ak Akimelèk, moun peyi Et la, ak Abichayi, frè Joab, pitit gason Sewouya a, li di yo: -Kilès nan nou de a ki ta vle desann avè m' nan kan Sayil la? Abichayi reponn: -M'ap desann avè ou.
- Then David said to Ahimelech the Hittite, and to Abishai, the son of Zeruiah, brother of Joab, Who will go down with me to the tents of Saul? And Abishai said, I will go down with you.
- καὶ ἀπεκρίθη δαυὶδ καὶ εἶπεν πρὸς ἀχιμελεχ τὸν χετταῖον καὶ πρὸς ἀβεσσα υἱὸν σαρουϊας ἀδελφὸν ἰωαβ λέγων τίς εἰσελεύσεται μετ' ἐμοῦ πρὸς σαουλ εἰς τὴν παρεμβολήν καὶ εἶπεν ἀβεσσα ἐγὼ εἰσελεῖ ὄσομαι μετὰ σοῦ
- 7 Se konsa, jou sa a, nan mitan lannwit, David ak Abichayi rive nan kan an. Yo wè Sayil kouche ap dòmi nan mitan kan an, frenn li te plante nan tè a bò tèt li. Abnè ak tout rès sòlda yo te kouche bò kote l' ap dòmi tou.
- So David and Abishai came down to the army by night: and Saul was sleeping inside the ring of carts with his spear planted in the earth by his head: and Abner and the people were sleeping round him.
- καὶ εἰσπορεύεται δαυὶδ καὶ ἀβεσσα εἰς τὸν λαὸν τὴν νύκτα καὶ ἰδοὺ σαουλ καθεύδων ὑπὸ ἐν λαμπήνῃ καὶ τὸ δόρυ ἐμπεπηγὸς εἰς τὴν γῆν πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ καὶ ἀβεννηρ καὶ ὁ λαὸς αὐτοῦ ἐκάθευδεν ἐν κύκλῳ αὐτοῦ
- 8 Abichayi di David konsa: -Aswè a Seyè a lage lènmè ou lan nan men ou vre. Koulye a, kite m' kloure l' atè a ak pwòp frenn li a. Yon sèl kou ap ase. Mwen p'ap bezwen frape l' de fwa.
- Then Abishai said to David, God has given up your hater into your hands today; now let me give him one blow through to the earth with his spear, and there will be no need to give him a second.
- καὶ εἶπεν ἀβεσσα πρὸς δαυὶδ ἀπέκλεισεν σήμερον κύριος τὸν ἐχθρόν σου εἰς τὰς χεῖράς σου καὶ νῦν πατάξω αὐτὸν τῷ δόρατι εἰς τὴν γῆν ἅπαξ καὶ οὐ δευτερώσω αὐτὸν
- 9 Men, David di Abichayi konsa: -Pa leve men sou li. Seyè a p'ap manke pini moun ki va leve men l' sou wa li menm li te chwazi a.
- And David said to Abishai Do not put him to death; for who, without sin, may put out his hand against the man on whom the Lord has put the holy oil?
- καὶ εἶπεν δαυὶδ πρὸς ἀβεσσα μὴ ταπεινώσης αὐτόν ὅτι τίς ἐποίσει χεῖρα αὐτοῦ ἐπὶ χριστὸν κυρίου καὶ ἀθωοθήσεται
- 10 Apre sa, David di: -Mwen fè sèman devan Seyè ki vivan an, se Seyè a menm ki pou touye l'. L'a mouri lè lè pou l' mouri a va rive, osinon l'a mouri nan lagè.
- And David said, By the living Lord, the Lord will send destruction on him; the natural day of his death will come, or he will go into the fight and come to his end.
- καὶ εἶπεν δαυὶδ ζῆ κύριος ἐάν μὴ κύριος πάισῃ αὐτόν ἢ ἡ ἡμέρα αὐτοῦ ἔλθῃ καὶ ἀποθάνῃ ἢ εἰς πόλεμον καταβῆ καὶ προστεθῆ
- 11 Mande Bondye padon non! Mwen p'ap leve men m' sou wa Seyè a te chwazi a. Ann pran frenn li a ak krich dlo ki bò tèt li a. Epi ann ale.
- Never will my hand be stretched out against the man marked with the holy oil; but take the spear which is by his head and the vessel of water, and let us go.
- μηδαμῶς μοι παρὰ κυρίου ἐπενεγκεῖν χεῖρά μου ἐπὶ χριστὸν κυρίου καὶ νῦν λαβὲ δὴ τὸ δόρυ ἀπὸ πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ καὶ τὸν φακὸν τοῦ ὕδατος καὶ ἀέλθωμεν καθ' ἑαυτούς
- 12 David pran frenn lan ak krich dlo ki te bò tèt Sayil la, epi yo ale. Pesonn pa t' wè sa, pesonn pa t' konnen sa ki te rive. Pesonn pa t' leve nan dòmi an. Yo te dòmi nèt ale, paske Seyè a te fè yon gwo dòmi pran yo.
- So David took the spear and the vessel of water from Saul's head; and they got away without any man seeing them, or being conscious of their coming, or awaking; for they were all sleeping because a deep sleep from the Lord had come on them.
- καὶ ἔλαβεν δαυὶδ τὸ δόρυ καὶ τὸν φακὸν τοῦ ὕδατος ἀπὸ πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ καὶ ἀπῆλθον καθ' ἑαυτούς καὶ οὐκ ἦν ὁ βλέπων καὶ οὐκ ἦν ὁ γινώσκων καὶ οὐκ ἦν ὁ ἐξεγειρόμενος πάντες ὑπνοῦντες ὅτι θάμβος κυρίου ἐπέπεσεν ἐπ' αὐτούς
- 13 ¶ Lè sa a, David janbe lòt bò fon an, li kanpe sou tèt ti mòn lan, byen lwen ak yon bèl distans nan mitan li ak lame a.
- Then David went over to the other side, and took his place on the top of a mountain some distance away, with a great space between them;
- καὶ διέβη δαυὶδ εἰς τὸ πέραν καὶ ἔστη ἐπὶ τὴν κορυφὴν τοῦ ὄρους μακρόθεν καὶ πολλὴ ἡ ὁδὸς ἀνά μέσον αὐτῶν
- 14 Li pran rele sòlda yo ak Abnè, pitit gason Nè a, li di yo konsa: -Abnè o! Eske ou tandè mwen? Abnè reponn: -Kilès k'ap rele nan zòrèy wa a konsa?
- And crying out to the people and to Abner, the son of Ner, David said, Have you no answer to give, Abner? Then Abner said, Who is that crying out to the king?
- καὶ προσεκαλέσατο δαυὶδ τὸν λαὸν καὶ τῷ ἀβεννηρ ἐλάλησεν λέγων οὐκ ἀποκριθήσεται ἀβεννηρ καὶ ἀπεκρίθη ἀβεννηρ καὶ εἶπεν τίς εἶ σὺ ὁ καλῶν με
- 15 David di li: -Se pa gason ou ye? Ki moun ki ka koresponn avè ou nan peyi Izrayèl la? Poukisa ou pa pwoteje wa a, mèt ou, pi byen? Talè a, gen yon moun ki antre nan kan an ak lide pou l' te touye wa a.
- And David said to Abner, Are you not a man of war? is there any other like you in Israel? why then have you not kept watch over your lord the king? for one of the people came in to put the king your lord to death.
- καὶ εἶπεν δαυὶδ πρὸς ἀβεννηρ οὐκ ἀνὴρ σὺ καὶ τίς ὡς σὺ ἐν ἰσραὴλ καὶ διὰ τί οὐ φυλάσσεις τὸν κύριόν σου τὸν βασιλέα ὅτι εἰσηλθεν εἷς ἐκ τοῦ λαοῦ διαφθεῖραι τὸν βασιλέα κύριόν σου

- 16 Li pa bon non sa ou fè a. Ou manke sou travay ou, Abnè. Mwen fè sèman devan Bondye ki vivan an, nou tout nou merite yo touye nou. Paske nou pa pwoteje mèt nou, wa Seyè a te chwazi a! Gade non! Kote frenn wa a? Kote krich dlo ki te bò tèt li a?
 What you have done is not good. By the living Lord, death is the right fate for you, because you have not kept watch over your lord, the man on whom the Lord has put the holy oil. Now see, where is the king's spear, and the vessel of water which was by his head?
 και οὐκ ἀγαθὸν τὸ ῥῆμα τοῦτο ὃ πεποιήκας ζῆ κύριος ὅτι υἱοὶ θανατώσεως ὑμεῖς οἱ φυλάσσοντες τὸν βασιλέα κύριον ὑμῶν τὸν χριστὸν κυρίου και νῦν ἰδὲ δὴ τὸ δόρυ τοῦ βασιλέως και ὁ φακὸς τοῦ ὕδατος ποῦ ἔστιν τὰ πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ
- 17 Sayil rekonèt vwa David, li di: -David, pitit mwen, se ou menm pa vre? David di li: -Se mwen wi, monwa!
 And Saul, conscious that the voice was David's, said, Is that your voice, David, my son? And David said, It is my voice, O my lord king.
 και ἐπέγνω σαουλ τὴν φωνὴν τοῦ δαυιδ και εἶπεν ἡ φωνὴ σου αὐτῆ τέκνον δαυιδ και εἶπεν δαυιδ δοῦλός σου κύριε βασιλεῦ
- 18 Apre sa, li di ankò: -Chèmèt mwen, poukisa w'ap pousib mwen konsa, mwen menm k'ap sèvi ou la? Kisa m' fè? Ki krim mwen fè?
 And he said, Why does my lord go armed against his servant? what have I done? or what evil is there in me?
 και εἶπεν ἴνα τί τοῦτο καταδιώκει ὁ κύριός μου ὀπίσω τοῦ δούλου αὐτοῦ ὅτι τί ἡμάρτηκα και τί εὗρέθη ἐν ἐμοὶ ἀδικημα
- 19 Koulye a, monwa, tanpri koute sa m'ap di ou. Si se Seyè a ki moute tèt ou kont mwen, al fè yon ofrann ba li pou li ka chanje lide l'. Men, si se moun k'ap fè ou fè sa, se pou madichon Seyè a tonbe sou yo! Koulye a, yo mete m' deyò nan peyi a pou m' pèdi pòsyon pa m' nan tèt Seyè a te bay pèp li a, yo voye m' al sèvi lòt bondye.
 Let my lord the king give ear now to the words of his servant. If it is the Lord who is moving you against me, let him take an offering; but if it is the children of men, may they be cursed before the Lord, for driving me out today and keeping me from my place in the heritage of the Lord, saying, Go, be the servant of other gods.
 και νῦν ἀκουσάτω δὴ ὁ κύριός μου ὁ βασιλεὺς τὸ ῥῆμα τοῦ δούλου αὐτοῦ εἰ ὁ θεὸς ἐπισειεῖ σε ἐπ' ἐμέ ὁσφρανθεὶ θυσίας σου και εἰ υἱοὶ ἀνθρώπων ἐπικατάρτοι οὗτοι ἐνώπιον κυρίου ὅτι ἐξεβαλόν με εἰς σήμερον μὴ ἔστηρισθαι ἐν κληρονομίᾳ κυρίου λέγοντες πορεύου δούλευε θεοῖς ἑτέροις
- 20 Pa kite yo touye m' nan peyi etranje byen lwen Seyè a! Poukisa pou wa Izrayèl la leve tout lame a pou l' chache touye yon ti pis tankou m'? Poukisa pou l' ap kouri deyò m' nan tout moun yo tankou lè moun ap fè lachas ranmye!
 Then do not let my blood be drained out on the earth away from the face of the Lord: for the king of Israel has come out to take my life, like one going after birds in the mountains.
 και νῦν μὴ πέσει τὸ αἷμά μου ἐπὶ τὴν γῆν ἐξ ἐναντίας προσώπου κυρίου ὅτι ἐξελήλυθεν ὁ βασιλεὺς ἰσραηλ ζητεῖν τὴν ψυχὴν μου καθὼς καταδιώκει ὁ νυκτικόραξ ἐν τοῖς ὄρεσιν
- 21 ¶ Sayil reponn: -Sa m' fè a mal. Tounen non, David, pitit mwen. Mwen p'ap janm chache fè ou mal paske ou refize touye m' aswè a ankò. Wi, mwen te aji tankou moun fou, mwen te fè yon bagay ki pa bon menm.
 Then Saul said, I have done wrong: come back to me, David my son: I will do you no more wrong, because my life was dear to you today truly, I have been foolish and my error is very great.
 και εἶπεν σαουλ ἡμάρτηκα ἐπίστρεψε τέκνον δαυιδ ὅτι οὐ κακοποιήσω σε ἀνθ' ὧν ἐντιμος ψυχῆ μου ἐν ὀφθαλμοῖς σου ἐν τῇ σήμερον μεματαίωμαι και ἠγνόηκα πολλὰ σφόδρα
- 22 David reponn li: -Monwa, men frenn ou an. Fè yonn nan moun ou yo janbe vin chache l'.
 Then David said, Here is the king's spear! let one of the young men come over and get it.
 και ἀπεκρίθη δαυιδ και εἶπεν ἰδοὺ τὸ δόρυ τοῦ βασιλέως διεληθέτω εἷς τῶν παιδαρίων και λαβέτω αὐτό
- 23 Seyè a va bay chak moun sa yo merite, dapre jan yo mache devan li, dapre jan yo kenbe pwomès yo. Jòdi a, li te lage ou nan men m'. Men, mwen pa fè ou anyen, mwen pa leve men m' sou wa Seyè a te chwazi a.
 And the Lord will give to every man the reward of his righteousness and his faith: because the Lord gave you into my hands today, and I would not put out my hand against the man who has been marked with the holy oil.
 και κύριος ἐπιστρέψει ἐκάστῳ τὰς δικαιοσύνας αὐτοῦ και τὴν πίστιν αὐτοῦ ὡς παρέδωκέν σε κύριος σήμερον εἰς χεῖράς μου και οὐκ ἠθέλησα ἐπενεγκεῖν χεῖρά μου ἐπὶ χριστὸν κυρίου
- 24 Menm jan mwen te gen respè pou ou jòdi a, m' pa touye ou, mwen mande Seyè a pou l' fè menm bagay la pou mwen tou, lèfini pou l' wete m' nan tout tèt chaje sa yo.
 And so, as your life was dear to me today, may my life be dear to the Lord, and may he make me free from all my troubles.
 και ἰδοὺ καθὼς ἐμεγαλύνθη ἡ ψυχὴ σου σήμερον ἐν ταύτῃ ἐν ὀφθαλμοῖς μου οὕτως μεγαλυνθεὶ ἡ ψυχὴ μου ἐνώπιον κυρίου και σκεπάσαι με και ἐξελεῖται με ἐκ πάσης θλίψεως
- 25 Sayil di David: -Se pou Bondye beni ou, pitit gason mwen! Se pou tou sa w'ap fè mache byen! Apre sa, David al fè wout li, Sayil menm tounen lakay li.
 Then Saul said to David, May a blessing be on you, David, my son; you will do great things and without doubt you will overcome. Then David went on his way, and Saul went back to his place.
 και εἶπεν σαουλ πρὸς δαυιδ εὐλογημένος σύ τέκνον και ποιῶν ποιήσεις και δυνάμενος δυνήσει και ἀπῆλθεν δαυιδ εἰς τὴν ὁδὸν αὐτοῦ και σαουλ ἀνέστρεψεν εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ
- 1 ¶ David di nan kè l': -Yon jou konsa Sayil ap touye m'. L'a pi bon pou mwen si m' sove al kache nan peyi Filistí a. Konsa, Sayil va sispann mache chache m' nan tout peyi pèp Izrayèl la. p'ap gen danje pou mwen ankò.
 And David said to himself, Some day death will come to me by the hand of Saul: the only thing for me to do is to get away into the land of the Philistines; then Saul will give up hope of taking me in any part of the land of Israel: and so I may be able to get away from him.
 και εἶπεν δαυιδ ἐν τῇ καρδίᾳ αὐτοῦ λέγων νῦν προστεθήσομαι ἐν ἡμέρᾳ μιᾷ εἰς χεῖρας σαουλ και οὐκ ἔστιν μοι ἀγαθὸν ἐὰν μὴ σωθῶ εἰς γῆν ἀλλοφύλων και ἀνῆ σαουλ τοῦ ζητεῖν με εἰς πᾶν ὄριον ἰσραηλ και σωθήσομαι ἐκ χειρὸς αὐτοῦ

- 2 David leve ansanm ak sisan (600) moun pa l' yo, y' ale kay Akich, pitit gason Maòk la, ki te wa lavil Gat.
So David and the six hundred men who were with him went over to Achish, the son of Maoch, king of Gath.
καὶ ἀνέστη δαυιδ καὶ οἱ τετρακόσιοι ἄνδρες μετ' αὐτοῦ καὶ ἐπορεύθη πρὸς αἰχίον υἱὸν ἀμμάχ βασιλέα γεθ
- 3 David ak mesye l' yo rete ak Akich lavil Gat ak tout fanmi yo. David te gen de madanm ak li: Akinoam, yon fanm lavil Jizreyèl ak Abigayèl, madan defen Nabal, moun lavil Kamèl.
And David and his men were living with Achish at Gath; every man had his family with him, and David had his two wives, Ahinoam of Jezreel, and Abigail of Carmel, who had been the wife of Nabal.
καὶ ἐκάθισεν δαυιδ μετὰ αἰχίον ἐν γεθ αὐτὸς καὶ οἱ ἄνδρες αὐτοῦ ἕκαστος καὶ ὁ οἶκος αὐτοῦ καὶ δαυιδ καὶ ἀμφότεραι αἱ γυναῖκες αὐτοῦ ἀχίναμ ἡ ἐζραηλῆτις καὶ ἀβιγαῖα ἡ γυνὴ ναβὰλ τοῦ καρμηλῖου
- 4 Lè Sayil vin tande David te kouri al cache lavil Gat, li sispann mache cache l' pou mete men sou li.
And Saul, hearing that David had gone to Gath, went after him no longer.
καὶ ἀνηγγέλη τῷ σαουλ ὅτι πέφηνεν δαυιδ εἰς γεθ καὶ οὐ προσέθετο ἐτι ζητεῖν αὐτόν
- 5 David di Akich konsa: -Si ou se zanmi m' vre, ban m' yon ti plas nan yonn nan bouk andeyò yo pou m' rete. Pa gen rezon, monwa, pou m' rete viv ansanm avè ou nan kapital la.
Then David said to Achish, If now I have grace in your eyes, let me have a place in one of the smaller towns of your land, to be my living-place; for it is not right for your servant to be living with you in the king's town.
καὶ εἶπεν δαυιδ πρὸς αἰχίον εἰ δὴ εὗρηκεν ὁ δοῦλός σου χάριν ἐν ὀφθαλμοῖς σου δότωσαν δὴ μοι τόπον ἐν μιᾷ τῶν πόλεων τῶν κατ' ἄγρον καὶ καθήσομαι ἐκεῖ καὶ ἵνα τί καθῆται ὁ δοῦλός σου ἐν πόλει βασιλευομένη μετὰ σοῦ
- 6 Se konsa, jou sa a, Akich ba li lavil Ziklag. Se poutèt sa, depi jou sa a, lavil Ziklag toujou rete pou wa peyi Jida yo.
So Achish straight away gave him Ziklag; and for that reason Ziklag has been the property of the kings of Judah to this day.
καὶ ἔδωκεν αὐτῷ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκεῖνη τὴν σεκελακ διὰ τοῦτο ἐγενήθη σεκελακ τῷ βασιλεῖ τῆς ἰουδαίας ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 7 David pase ennan kat mwa ap viv nan peyi moun Filisti yo.
And David was living in the land of the Philistines for the space of a year and four months.
καὶ ἐγενήθη ὁ ἀριθμὸς τῶν ἡμερῶν ὧν ἐκάθισεν δαυιδ ἐν ἀγρῷ τῶν ἀλλοφύλων τέσσαρας μῆνας
- 8 ¶ Tanzantan, David ak mesye l' yo te konn pati al atake moun Jechou yo, moun Jizi yo ak moun Amalèk yo jouk lakay yo. Depi tout tan se pèp sa yo ki te rete nan zòn ki soti depi lavil Telayim, nan direksyon lavil Chou rive jouk peyi Lejip.
And David and his men went up and made attacks on the Geshurites and the Girzites and the Amalekites; for these were the people who were living in the land from Telam on the way to Shur, as far as Egypt.
καὶ ἀνέβανεν δαυιδ καὶ οἱ ἄνδρες αὐτοῦ καὶ ἐπετίθεντο ἐπὶ πάντα τὸν γεσιρι καὶ ἐπὶ τὸν ἀμαληκίτην καὶ ἰδοὺ ἡ γῆ κατακεῖτο ἀπὸ ἀνηκόντων ἢ ἀπὸ γελαμμουρ τεταχισμένων καὶ ἕως γῆς αἰγύπτου
- 9 Se konsa, David te dechèpiye tout peyi a, li touye fanm kou gason. Li pran mouton moun yo, bèf yo, bourik yo, chamo yo, ata rad yo. Lèfini, li tounen al jwenn Akich.
And David again and again made attacks on the land till not a man or a woman was still living; and he took away the sheep and the oxen and the asses and the camels and the clothing; and he came back to Achish.
καὶ ἔτυπτε τὴν γῆν καὶ οὐκ ἐξωογόνει ἄνδρα καὶ γυναῖκα καὶ ἐλάμβανεν ποίμνια καὶ βουκόλια καὶ ὄνους καὶ καμήλους καὶ ἱματισμόν καὶ ἀνέστρεψαν καὶ ἤρχοντο πρὸς αἰχίον
- 10 Lè Akich mande l': -Ki kote ou t' al demele ou jòdi a? David te kouri reponn li se nan zòn Negèv nan peyi Jida a, osinon nan zòn sid peyi moun Jerakmeyèl yo, ou ankò nan zòn sid teritwa moun Kayen yo.
And every time Achish said, Where have you been fighting today? David said, Against the South of Judah and the South of the Jerahmeelites and the South of the Kenites.
καὶ εἶπεν αἰχίον πρὸς δαυιδ ἐπὶ τίνα ἐπέθεσθε σήμερον καὶ εἶπεν δαυιδ πρὸς αἰχίον κατὰ νότον τῆς ἰουδαίας καὶ κατὰ νότον ἰεσμαγα καὶ κατὰ νότον τοῦ κενεζι
- 11 Men David te toujou touye tout moun, fanm kou gason, paske li t'ap di nan kè l' konsa pesonn p'ap ka al di moun lavil Gat yo sa li te fè yo. Se sa David t'ap mache fè pandan tout tan li pase nan peyi Filisti a.
Not one living man or woman did David ever take back with him to Gath, fearing that they might give an account of what had taken place, and say, This is what David did, and so has he been doing all the time while he has been living in the land of the Philistines.
καὶ ἄνδρα καὶ γυναῖκα οὐκ ἐξωογόνησεν τοῦ εἰσαγαγεῖν εἰς γεθ λέγων μὴ ἀναγγείλωσιν εἰς γεθ καθ' ἡμῶν λέγοντες τάδε δαυιδ ποιεῖ καὶ τότε τὸ δικαίωμα αὐτοῦ πάσας τὰς ἡμέρας ὡς ἐκάθητο δαυιδ ἐν ἀγρῷ τῶν ἀλλοφύλων
- 12 Akich menm te fè David konfyans. Li t'ap di nan kè l': -Msye tèlman fè moun pèp Izrayèl yo rayi l', l'ap blije rete pase tout rès lavi l' ap sèvi m'.
And Achish had belief in what David said, saying, He has made himself hated by all his people Israel, and so he will be my servant for ever.
καὶ ἐπίστευθη δαυιδ ἐν τῷ αἰχίον λέγων ἤσχηται αἰσχυνόμενος ἐν τῷ λαῷ αὐτοῦ ἐν ἰσραὴλ καὶ ἔσται μοι δοῦλος εἰς τὸν αἰῶνα

- 1 ¶ Kèk tan apre sa, moun Filisti yo sanble tout sòlda yo pou y' al goumen ak pèp Izrayèl la. Lè sa a, Akich di David: -Ou tou konnen se pou ou pati ansanm avè m' ak mesye ou yo pou n' al goumen. **Now in those days the Philistines got their forces together to make war on Israel. And Achish said to David, Certainly you and your men are to go out with me to the fight.**
καὶ ἐγενήθη ἐν ταῖς ἡμέραις ἐκείναις καὶ συναθροίζονται ἀλλόφυλοι ἐν ταῖς παρεμβολαῖς αὐτῶν ἐξελεῖν πολεμεῖν μετὰ Ἰσραὴλ καὶ εἶπεν ἀγχους πρὸς δαυὶδ γινώσκων γινώσκει ὅτι μετ' ἐμοῦ ἐξελεύσεται εἰς πόλεμον σὺ καὶ οἱ ἄνδρες σου
- 2 David reponn li: -Se moun ou mwen ye. Ou pral wè sa m' ka fè. Akich di li: -Bon! Apre sa, m'ap fè ou gad kò mwen pou tout tan. **And David said to Achish, You will see now what your servant will do. And Achish said to David, Then I will make you keeper of my head for ever.**
καὶ εἶπεν δαυὶδ πρὸς ἀγχους οὕτω νῦν γινώσκει ἃ ποιήσει ὁ δοῦλός σου καὶ εἶπεν ἀγχους πρὸς δαυὶδ οὕτως ἀρχισωματοφύλακα θήσομαι σε πάσας τὰς ἡμέρας
- 3 Samyèl te deja mouri lè sa a, tout pèp Izrayèl la te kriye kont kriye yo pou li. Apre sa, yo antere l' lavil Rama kote li te moun. Sayil te mete tout divinò deyò nan peyi a ansanm ak tout moun ki konn rele mò pou pale ak yo. **Now Samuel was dead, and all Israel, after weeping for him, had put his body in its last resting-place in Ramah, his town. And Saul had put away from the land all those who had control of spirits and who made use of secret arts.**
καὶ σαμουὴλ ἀπέθανεν καὶ ἐκόψαντο αὐτὸν πᾶς Ἰσραὴλ καὶ θάπτουσιν αὐτὸν ἐν ἀρμαθαίμ ἐν πόλει αὐτοῦ καὶ σαουλ περιεῖλεν τοὺς ἐγγαστριμύθους καὶ τοὺς γνόστους ἀπὸ τῆς γῆς
- 4 Sòlda moun Filisti yo te sanble, yo moute kan yo bò lavil Chounèm. Sayil menm sanble tout sòlda pèp Izrayèl yo, epi li moute kan l' sou mòn Gilboa. **And the Philistines came together and put their forces in position in Shunem; and Saul got all Israel together and they took up their positions in Gilboa.**
καὶ συναθροίζονται οἱ ἀλλόφυλοι καὶ ἔρχονται καὶ παρεμβάλλουσιν εἰς σομαν καὶ συναθροίζει σαουλ πάντα ἄνδρα Ἰσραὴλ καὶ παρεμβάλλουσιν εἰς γελβουε
- 5 Lè Sayil wè lame moun Filisti yo, li sot pè, kè l' pran bat byen fò. **And when Saul saw the Philistine army he was troubled, and his heart was moved with fear.**
καὶ εἶδεν σαουλ τὴν παρεμβολὴν τῶν ἀλλοφύλων καὶ ἐφοβήθη καὶ ἐξέστη ἡ καρδία αὐτοῦ σφόδρα
- 6 Se konsa, li mande Seyè a sa pou l' fè. Men, Seyè a pa ba li ankenn repons, ni nan rèv, ni avèk ourim yo, ni nan mesaj pwofèt yo. **And when Saul went for directions to the Lord, the Lord gave him no answer, by a dream or by the Ùrim or by the prophets.**
καὶ ἐπηρώτησεν σαουλ διὰ κυρίου καὶ οὐκ ἀπεκρίθη αὐτῷ κύριος ἐν τοῖς ἐνυπνίοις καὶ ἐν τοῖς δῆλοις καὶ ἐν τοῖς προφήταις
- 7 ¶ Lè sa a, Sayil rele moun k'ap sèvi avè l' yo, li ba yo lòd sa a: -Al chache kote nou ka jwenn yon fanm ki konn rele mò pou l' travay pou mwen. Yo reponn li: -Gen yonn lavil Andò. **Then Saul said to his servants, Get me a woman who has control of a spirit so that I may go to her and get directions. And his servants said to him, There is such a woman at En-dor.**
καὶ εἶπεν σαουλ τοῖς παισὶν αὐτοῦ ζητήσατέ μοι γυναῖκα ἐγγαστρίμυθον καὶ πορεύσομαι πρὸς αὐτήν καὶ ζητήσω ἐν αὐτῇ καὶ εἶπαν οἱ παῖδες αὐτοῦ πρὸς αὐτὸν ἰδοὺ γυνὴ ἐγγαστρίμυθος ἐν ἀενδωρ
- 8 Sayil mete lòt kalite rad sou li, li maske. Li leve, li pati ak de moun pa l'. Yo rive kay fanm lan nan mitan lannwit. Sayil di fanm lan: -M' pral ba ou non yon mò pou ou rele pou mwen. Rele li pou mwen tanpri, pou m' konnen sa ki pral rive m'. **So Saul, putting on other clothing, so that he might not be seen to be the king, took two men with him and went to the woman by night; and he said, Now, with the help of the spirit which you have, make the person whose name I will give you come up.**
καὶ συνεκαλύψατο σαουλ καὶ περιεβάλετο ἱμάτια ἕτερα καὶ πορεύεται αὐτὸς καὶ δύο ἄνδρες μετ' αὐτοῦ καὶ ἔρχονται πρὸς τὴν γυναῖκα νυκτὸς καὶ εἶπεν αὐτῇ μάντευσαι δὴ μοι ἐν τῷ ἐγγαστριμύθῳ καὶ ἀνάγαγέ μοι ὃν ἐὰν εἶπω σοι
- 9 Men, fanm lan di l': -Ou konnen sa wa Sayil te fè a pa vre? Li te mete tout divinò ak tout moun k'ap pale ak mò deyò nan peyi a wi. Poukisa atò w'ap seye pran m' nan plan pou fè yo touye m'?' **And the woman said to him, But you have knowledge of what Saul has done, how he has put away out of the land those who have control of spirits and the users of secret arts: why would you, by a trick, put me in danger of death?**
καὶ εἶπεν ἡ γυνὴ πρὸς αὐτὸν ἰδοὺ δὴ σὺ οἶδας ὅσα ἐποίησεν σαουλ ὡς ἐξωλέθρευσεν τοὺς ἐγγαστριμύθους καὶ τοὺς γνόστους ἀπὸ τῆς γῆς καὶ ἵνα τί σὺ παγιδεύεις τὴν ψυχὴν μου θανατώσαι αὐτήν
- 10 Sayil pran non Bondye fè sèman, li di: -Devan Seyè ki vivan an, mwen fè sèman yo p'ap fè ou anyen pou zafè sa a. **And Saul made an oath to her by the Lord, saying, By the living Lord, no punishment will come to you for this.**
καὶ ὅμοσεν αὐτῇ σαουλ λέγων ζῆ κύριος εἰ ἀπαντήσεται σοι ἀδικία ἐν τῷ λόγῳ τούτῳ
- 11 Fanm lan di l': -Ki moun pou m' rele pou ou? Li reponn: -Rele Samyèl pou mwen. **Then the woman said, Who am I to let you see? And he said, Make Samuel come up for me.**
καὶ εἶπεν ἡ γυνὴ τίνα ἀναγάγω σοι καὶ εἶπεν τὸν σαμουὴλ ἀνάγαγέ μοι
- 12 Lè madanm lan wè Samyèl, li pete rele, li di Sayil: -Poukisa ou twonpe m' konsa? Ou se wa Sayil! **And the woman saw that it was Saul, and she gave a loud cry, and said to Saul, Why have you made use of deceit? for you are Saul.**
καὶ εἶδεν ἡ γυνὴ τὸν σαμουὴλ καὶ ἀνεβόησεν φωνὴ μεγάλη καὶ εἶπεν ἡ γυνὴ πρὸς σαουλ ἵνα τί παρελογίσω με καὶ σὺ εἶ σαουλ

- 13 Wa a di l': -Ou pa bezwen pè. Kisa ou wè? Fanm lan di Sayil: -Mwen wè yon lespri k'ap moute sotì anba tè a.
And the king said to her, Have no fear: what do you see? And the woman said to Saul, I see a god coming up out of the earth.
 και ειπεν αυτη ο βασιλευς μη φοβου ειπὸν τινα εδρακας και ειπεν αυτη θεουδ εδρακα αναβαινοντα εκ της γης
- 14 Wa a di l': -Kisa ou wè li sanble? Fanm lan reponn: -Se yon vye granmoun gason k'ap moute la a. Li vlope nan yon gwo dra. Lè sa a, Sayil vin konnen se te Samyèl. Li tonbe ajenou, li bese tèt li jouk atè.
And he said to her, What is his form? And she said, It is an old man coming up covered with a robe. And Saul saw that it was Samuel, and with his face bent down to the earth he gave him honour.
 και ειπεν αυτη τι εγνωσ και ειπεν αυτη ανδρα ορθιον αναβαινοντα εκ της γης και ουτος διπλοϊδα αναβεβλημενος και εγνω σαουλ οτι σαμουηλ ουτος και εκυψεν επι προσωπον αυτου επι την γην και π ροσεκυνησεν αυτη
- 15 ¶ Samyèl di Sayil: -Poukisa ou detounen m' konsa? Poukisa ou fè m' remoute la a en? Sayil di li: -Mwen nan gwo tèt chaje: Moun Filisti yo ap fè m' lagè. Epi Bondye vire do ban mwen. Li pa pale avè m' ankò, ni nan rèv, ni nan mesaj pwofèt yo. Se poutèt sa, mwen fè rele ou pou ou ka fè m' konnen sa pou m' fè.
And Samuel said to Saul, Why have you come up, troubling my rest? And Saul in answer said, I am in great danger; for the Philistines are making war on me, and God has gone away from me and will no longer give me any answer, by the prophets or by dreams: so I have sent for you to make clear to me what I am to do.
 και ειπεν σαμουηλ ινα τι παρηνώγησάς μοι αναβηναι με και ειπεν σαουλ θλιβομαι σφοδρα και οι αλλόφουλοι πολεμουσιν εν εμοι και ο θεος αφεστηκεν απ' εμου και ουκ επακήκοεν μοι ετι και εν χειρι των προφητων και εν τοις ενυπνιοις και νυν κέκληκά σε γνωρίσαι μοι τι ποιήσω
- 16 Samyèl di l': -Koulye a Seyè a vire do ba ou, li tounen lènmi ou, poukisa se mwen menm w'ap mande bagay konsa?
And Samuel said, Why do you put your questions to me, seeing that God has gone away from you and is on the side of him who is against you?
 και ειπεν σαμουηλ ινα τι επρωτησ με και κύριος αφεστηκεν από σου και γέγονεν μετά του πλησιον σου
- 17 Seyè a annik fè sa li te di m' di ou la: li wete gouvènman an nan men ou, li bay David li pito.
And the Lord himself has done what I said: the Lord has taken the kingdom out of your hand and given it to your neighbour David;
 και πεποιθηκεν κύριος σοι καθως ελάλησεν εν χειρι μου και διαρρήξει κύριος την βασιλειαν σου εκ χειρός σου και δώσει αυτην τω πλησιον σου τω δαυιδ
- 18 Ou pa t' koute sa Seyè a te di ou, ou pa t' detwi moun Amalèk yo nèt ansanm ak tou sa yo te genyen. Se poutèt sa Seyè a fè ou sa li fè ou jòdi a.
Because you did not do what the Lord said, and did not give effect to his burning wrath against Amalek. So the Lord has done this thing to you today.
 διότι ουκ ηκουσας φωνης κυριου και ουκ εποίησας θυμόν οργης αυτου εν αμαληκ δια τουτο το ρήμα εποίησεν κύριος σοι τη ημέρα ταυτη
- 19 Li pral lage ou ansanm ak tout pèp Izrayèl la nan men moun Filisti yo. Denmen lè konsa, ni ou menm ni pitit gason ou yo ap menm kote avè m'. Seyè a pral lage lame pèp Izrayèl la nan men moun Filisti yo.
And more than this, the Lord will give Israel up with you into the hands of the Philistines: and tomorrow you and your sons will be with me: and the Lord will give up the army of Israel into the hands of the Philistines.
 και παραδώσει κύριος τον ισραηλ μετά σου εις χειρας αλλοφύλων και αυριον συ και οι υιοί σου μετά σου πεσουνται και την παρεμβολήν ισραηλ δώσει κύριος εις χειρας αλλοφύλων
- 20 ¶ Tande Sayil tande sa, li tonbe tou long atè, li te pè akòz pawòl Samyèl te di l' la a. Li te fèb anpil tou, paske li pa t' manje anyen depi maten.
Then Saul went down flat on the earth, and was full of fear because of Samuel's words: and there was no strength in him, for he had taken no food all that day or all that night.
 και εσπευσεν σαουλ και επεσεν εστηκως επι την γην και εφοβηθη σφοδρα από των λόγων σαμουηλ και ισχυς εν αυτη ουκ ην ετι ου γαρ εφαγεν αρτον ολην την ημέραν και ολην την νύκτα εκείνη
- 21 Fanm lan al jwenn Sayil atè a, li wè jan Sayil t'ap tranble tèlman li te pè. Li di l' konsa: -Tanpri, mè, tande sa m'ap di ou: Mwen te mete lavi m' an danje pou m' te fè sa ou te mande m' fè a.
And the woman came to Saul and saw that he was in great trouble, and said to him, See now, your servant has given ear to your words, and I have put my life in danger by doing what you said.
 και εισηλθεν η γυνη πρὸς σαουλ και ειδεν οτι εσπευσεν σφοδρα και ειπεν πρὸς αυτον ιδου δη ηκουσεν η δούλη σου της φωνης σου και εθεμην την ψυχην μου εν τη χειρι μου και ηκουσα τουδ λόγουσ ο υς ελάλησάς μοι
- 22 Koulye a, tanpri, tande sa m'ap di ou. Ou pral fè sa m'a pral di ou la a: Kite m' al pare yon ti manje pou ou. W'a manje, w'a pran fòs ankò pou ou ka al fè wout ou.
So now, give ear to the voice of your servant, and let me give you a little bread; and take some food to give you strength when you go on your way.
 και νυν ακουσον δη φωνης της δούλης σου και παραθήσω ενόπιόν σου ψωμόν αρτου και φάγε και εσται εν σοι ισχυς οτι πορευση εν οδω
- 23 Sayil refize, li di li p'ap manje anyen. Men mesye ki te avè l' yo ansanm ak fanm lan pale avè l', yo fè l' tande rezon. Bout pou bout, li dakò, li leve sot atè a, li chita sou kabann lan.
But he would not, saying, I have no desire for food. But his servants, together with the woman, made him take food, and he gave way to them. So he got up from the earth, and took his seat on the bed.
 και ουκ εβουλήθη φαγειν και παρεβιάζοντο αυτον οι παιδες αυτου και η γυνη και ηκουσεν της φωνης αυτων και ανεστη από της γης και εκάθισεν επι τον δίφρον
- 24 Fanm lan te gen yon ti bèf li t'ap angrese lakay li. Li prese touye l'. Apre sa, li pran farin, li fè pat avè l', li kwit kèk ti pen san ledven.
And the woman had in the house a young cow, made fat for food; and she put it to death straight away; and she took meal and got it mixed and made unleavened bread;
 και τη γυναικι ην δάμαλις νομάς εν τη οικία και εσπευσεν και εθυσεν αυτην και ελαβεν αλευρα και εφόρασεν και εψαψεν αζυμα

- 25 Li pote tout bagay sa yo devan Sayil ak mesye l' yo. Yo manje. Lèfini, lannwit lan menm yo leve, yo pati.
And she put it before Saul and his servants, and they had a meal. Then they got up and went away the same night.
καὶ προσήγαγεν ἐνώπιον σαουλ καὶ ἐνώπιον τῶν παιδῶν αὐτοῦ καὶ ἔφαγον καὶ ἀνέστησαν καὶ ἀπῆλθον τὴν νύκτα ἐκεῖνην
- 1 ¶ Moun Filisti yo sanble tout sòlda yo nèl lavil Afèk. Moun Izrayèl yo menm te moute kan yo bò sous ki nan Fon Jizreyèl la.
Now the Philistines got all their army together at Aphek; and the Israelites put their forces in position by the fountain in Jezreel.
καὶ συναθροίζουσιν ἄλλοφύλοι πάσας τὰς παρεμβολὰς αὐτῶν εἰς ἀφεκ καὶ ἰσραηλ παρενέβαλεν ἐν αενδωρ τῇ ἐν ἰεζραελ
- 2 Senk chèf moun Filisti yo te pran devan, yo t'ap mache yonn dèyè lòt ak divizyon lame yo. Yo te gen batayon san sòlda ak rejiman mil sòlda. David t'ap mache dèyè nèl avèk mesye l' yo ansanm ak Akich.
And the lords of the Philistines went on with their hundreds and their thousands, and David and his men came after with Achish.
καὶ σατράπαι ἄλλοφύλων παρεπορεύοντο εἰς ἑκατοντάδας καὶ χιλιάδας καὶ δαυὶδ καὶ οἱ ἄνδρες αὐτοῦ παρεπορεύοντο ἐπ' ἐσχάτων μετὰ ἀγγου
- 3 Lòt chèf moun Filisti yo di konsa: -Sa bann ebre sa yo ap fè la a? Akich reponn yo: -Se David, yonn nan mesye ki t'ap sèvi ak Sayil, wa pèp Izrayèl la. Li gen kèk tan depi li avè m'. Depi jou li kite wa pèp Izrayèl la pou li vin jwenn mwen, mwen pa janm jwenn anyen pou m' repwoche l' jouk jounen jòdi a.
Then the rulers of the Philistines said, What are these Hebrews doing here? And Achish said to the rulers of the Philistines, Is this not David, the servant of Saul the king of Israel, who has been with me for a year or two, and I have never seen any wrong in him from the time when he came to me till now?
καὶ εἶπον οἱ σατράπαι τῶν ἄλλοφύλων τίνες οἱ διαπορευόμενοι οὗτοι καὶ εἶπεν ἀγγου πρὸς τοὺς στρατηγοὺς τῶν ἄλλοφύλων οὐχ οὗτος δαυὶδ ὁ δοῦλος σαουλ βασιλέως ἰσραηλ γέγονεν μεθ' ἡμῶν ἡμέρας τοῦτο δεύτερον ἔτος καὶ οὐχ εὔρηκα ἐν αὐτῷ οὐθὲν ἄφ' ἧς ἡμέρας ἐπέπεσον πρὸς με καὶ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 4 Men, lòt chèf moun Filisti yo move sou Akich, yo di l' konsa: -Voye nonm sa a ale. Fè l' tounen nan lavil ou te ba li pou l' rete a. Pa kite l' al goumen avèk nou pou pandan batay la li pa vire sou do nou. Sa ka ba l' yon bèl okazyon pou l' touye moun nou yo, epi pou l' byen ankò ak mèl li.
But the rulers of the Philistines were angry with him, and said to him, Make the man go back to the place you have given him; do not let him go down with us to the fight, or he may be turned against us and be false to us: for how will this man make peace with his lord? will it not be with the heads of these men?
- 14 M'ap yon papa pou li. Li menm l'ap yon pitit pou mwen. Si li fè sa ki mal, m'ap korije l' tankou yon papa korije pitit gason li.
I will be to him a father and he will be to me a son: if he does wrong, I will give him punishment with the rod of men and with the blows of the children of men;
ἐγὼ ἔσομαι αὐτῷ εἰς πατέρα καὶ αὐτὸς ἔσται μοι εἰς υἱόν καὶ ἐὰν ἔλθῃ ἡ ἀδικία αὐτοῦ καὶ ἐλέγξω αὐτὸν ἐν ῥάβδῳ ἀνδρῶν καὶ ἐν ἀφαῖς υἱῶν ἀνθρώπων
- 15 Men, m'ap toujou soutni l', mwen p'ap lage l' jan mwen te lage Sayil lè mwen te kite l' tonbe pou m' te mete ou nan plas li.
But my mercy will not be taken away from him, as I took it from him who was before you.
τὸ δὲ ἔλεός μου οὐκ ἀποστήσω ἀπ' αὐτοῦ καθὼς ἀπέστησα ἀφ' ὧν ἀπέστησα ἐκ προσώπου μου
- 16 Ap toujou gen moun nan fanmi ou chita sou fotèy la ap gouvènmen apre ou, paske m'ap fè gouvènman fanmi ou lan kanpe fèm pou tout tan.
And your family and your kingdom will keep their place before me for ever: the seat of your authority will never be overturned.
καὶ πιστωθήσεται ὁ οἶκος αὐτοῦ καὶ ἡ βασιλεία αὐτοῦ ἕως αἰῶνος ἐνώπιον ἑμοῦ καὶ ὁ θρόνος αὐτοῦ ἔσται ἀνωρθωμένος εἰς τὸν αἰῶνα
- 17 Natan rakonte David tou sa Bondye te fè l' konnen nan vizyon an.
So Nathan gave David an account of all these words and this vision.
κατὰ πάντας τοὺς λόγους τούτους καὶ κατὰ πᾶσαν τὴν ὄρασιν ταύτην οὕτως ἐλάλησεν ναθαν πρὸς δαυὶδ
- 18 ¶ Apre sa, wa David ale nan tanp lan, li chita devan Seyè a, li di l' konsa: -Seyè, Bondye sèl Mèt la, kisa mwen ye, kisa fanmi mwen ye pou ou te fè tou sa ou deja fè pou nou?
Then David the king went in and took his seat before the Lord, and said, Who am I, O Lord God, and what is my family, that you have been my guide till now?
καὶ εἰσῆλθεν ὁ βασιλεὺς δαυὶδ καὶ ἐκάθισεν ἐνώπιον κυρίου καὶ εἶπεν τίς εἰμι ἐγὼ κύριέ μου κύριε καὶ τίς ὁ οἶκός μου ὅτι ἠγάπηκάς με ἕως τούτων
- 19 Men ou wè sa pa kont toujou, Seyè, Bondye sèl Mèt la, kifè koulye a w'ap fè konnen sa ki pral rive fanmi mwen denmen nan lanne k'ap vini yo. Epi ou fè m' konn sa, mwen menm ki yon senp moun, Seyè, Bondye sèl Mèt la!
And this was only a small thing to you, O Lord God; but your words have even been about the far-off future of your servant's family, O Lord God!
καὶ κατεσμικρύνθη μικρὸν ἐνώπιόν σου κύριέ μου κύριε καὶ ἐλάλησας ὑπὲρ τοῦ οἴκου τοῦ δούλου σου εἰς μακράν οὕτος δὲ ὁ νόμος τοῦ ἀνθρώπου κύριέ μου κύριε
- 20 Kisa mwen menm David, mwen ka di ou, Seyè, apre sa? Ou konnen ki moun mwen ye, mwen menm k'ap sèvi ou la.
What more may David say to you? for you have knowledge of your servant, O Lord God.
καὶ τί προσθήσει δαυὶδ ἔτι τοῦ λαλήσαι πρὸς σέ καὶ νῦν σὺ οἶδας τὸν δούλόν σου κύριέ μου κύριε
- 21 Se paske ou te fè pwomès la, se paske ou te vle l' konsa, kifè ou te fè tout bèl bagay sa yo pou ou te fè m' konnen yo.
Because of your word and from your heart, you have done all this great work, and let your servant see it.
διὰ τὸν λόγον σου πεποίηκας καὶ κατὰ τὴν καρδίαν σου ἐποίησας πᾶσαν τὴν μεγαλωσύνην ταύτην γνωρίσαι τῷ δούλῳ σου
- 22 Seyè, Bondye mwen, ala gwo pouvwa ou la gwo! Pa gen tankou ou! Pa gen lòt Bondye pase ou menm! Yo te toujou di nou sa.
Truly you are great, O Lord God: there is no one like you and no other God but you, as is clear from everything which has come to our ears.
ἐνεκεν τοῦ μεγαλύναι σε κύριέ μου κύριε ὅτι οὐκ ἔστιν ὡς σὺ καὶ οὐκ ἔστιν θεὸς πλὴν σοῦ ἐν πᾶσιν οἷς ἠκούσαμεν ἐν τοῖς ὡσὶν ἡμῶν
- 23 Pa gen lòt nasyon sou latè tankou pèp Izrayèl la! Se ou menm ki delivre yo pou yo te ka tounen yon pèp ki rele ou pa ou. Se pou yo ase ou fè sa. Toupatou sou latè, y'ap nonmen non ou yo pou gwo mirak ak bèl bagay ou fè pou yo. Ou mete lòt nasyon deyò nan peyi ou la ansanm ak bondye yo pou fè plas pou pèp ou, pèp ou te delivre anba pouvwa pèp peyi Lejip la, pou yo te ka tounen pèp pa ou.
And what other nation in the earth, like your people Israel, did a god go out to take for himself, to be his people, and to make a name for himself, and to do great and strange things for them, driving out a nation and its gods from before his people?
καὶ τίς ὡς ὁ λαός σου Ἰσραὴλ ἔθνος ἄλλο ἐν τῇ γῆ ὡς ὠδήγησεν αὐτὸν ὁ θεὸς τοῦ λυτρώσασθαι αὐτῷ λαὸν τοῦ θέσθαι σε ὄνομα τοῦ ποιῆσαι μεγαλωσύνην καὶ ἐπιφάνειαν τοῦ ἐκβαλεῖν σε ἐκ προσώπου τοῦ λαοῦ σου οὐ ἔλυτρώσω σε αὐτῷ ἐξ αἰγύπτου ἔθνη καὶ σκηνώματα
- 24 Ou fè pèp Izrayèl la tounen pèp pa ou pou tout tan, ou menm ou tounen Bondye yo.
But you took and made strong for yourself your people Israel, to be your people for ever; and you, Lord, became their God.
καὶ ἠτοίμασας σε αὐτῷ τὸν λαόν σου Ἰσραὴλ λαὸν ἕως αἰῶνος καὶ σὺ κύριε ἐγένου αὐτοῖς εἰς θεόν
- 25 Koulye a, Seyè, Bondye, se pou ou kenbe pwomès ou te fè sèvitè ou la ansanm ak fanmi li an. Se pou ou fè sa ou di w'ap fè a.
And now, O Lord God, may the word which you have said about your servant and about his family, be made certain for ever, and may you do as you have said!
καὶ νῦν κύριέ μου κύριε τὸ ῥῆμα ὃ ἐλάλησας περὶ τοῦ δούλου σου καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ πιστώσον ἕως αἰῶνος κύριε παντοκράτωρ θεὸς τοῦ Ἰσραὴλ καὶ νῦν καθὼς ἐλάλησας

- 26 Toupatou sou latè y'a toujou rekonnèt jan ou gen pouvwa. y'a di se Seyè ki gen tout pouvwa a ki Bondye pèp Izrayèl la. Konsa, gouvènman ki nan men fanmi David, sèvitè ou la, va kanpe fèm pou tout tan anba pwoteksyon ou.
And let your name be made great for ever, and let men say, The Lord of armies is God over Israel: and let the family of David your servant be made strong before you!
μεγαλυνθῆι τὸ ὄνομά σου ἕως αἰῶνος
- 27 Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, se ou menm ki te fè m' konnen tou sa. Ou te di m', mwen menm sèvitè ou la, w'ap ban mwen yon fanmi, lèfini w'ap fè baton gouvènman an toujou rete nan men fanmi mwen. Se poutèt sa mwen gen kouraj fè lapriyè sa a nan pye ou.
For you, O Lord of armies, the God of Israel, have clearly said to your servant, I will make you the head of a family of kings: and so it has come into your servant's heart to make this prayer to you.
κύριε παντοκράτωρ θεὸς ἰσραὴλ ἀπεκάλυψας τὸ ὄτιόν τοῦ δούλου σου λέγων οἶκον οἰκοδομήσω σοι διὰ τοῦτο εὗρεν ὁ δούλός σου τὴν καρδίαν ἑαυτοῦ τοῦ προσεύξασθαι πρὸς σέ τὴν προσευχὴν ταύτην
- 28 Koulye a, Seyè sèl Mèt, se ou ki Bondye tout bon an. Ou toujou kenbe pwomès ou yo. Gade bèl pawòl kè kontan ou di sèvitè ou la!
And now, O Lord God, you are God and your words are true and you have said you will give your servant this good thing;
καὶ νῦν κύριέ μου κύριε σὺ εἶ ὁ θεός καὶ οἱ λόγοί σου ἔσονται ἀληθινοὶ καὶ ἐλάλησας ὑπὲρ τοῦ δούλου σου τὰ ἀγαθὰ ταῦτα
- 29 Tanpri, beni tout fanmi mwen apre mwen pou yo ka toujou anba pwoteksyon ou. Wi, Seyè sèl Mèt, ou te pwomèt mwen sa. Se pou ou toujou voye benediksyon ou sou fanmi mwen.
So may it be your pleasure to give your blessing to the family of your servant, so that it may go on for ever before you: (for you, O Lord God, have said it,) and may your blessing be on your servant's family line for ever!
καὶ νῦν ἄρξαι καὶ εὐλόγησον τὸν οἶκον τοῦ δούλου σου τοῦ εἶναι εἰς τὸν αἰῶνα ἐνώπιόν σου ὅτι σὺ εἶ κύριέ μου κύριε ἐλάλησας καὶ ἀπὸ τῆς εὐλογίας σου εὐλογηθήσεται ὁ οἶκος τοῦ δούλου σου εἰς τὸν αἰῶνα
- 1 ¶ Apre sa, David atake moun Filisti yo ankò. Li bat yo byen bat. Se konsa li kraze pouvwa yo te gen nan peyi a, li pran peyi a nan men yo.
And it came about after this that David made an attack on the Philistines and overcame them; and David took the authority of the mother-town from the hands of the Philistines.
καὶ ἐγένετο μετὰ ταῦτα καὶ ἐπάταξεν δαυὶδ τοὺς ἀλλοφύλους καὶ ἐτροπώσατο αὐτούς καὶ ἔλαβεν δαυὶδ τὴν ἀφορισμένην ἐκ χειρὸς τῶν ἀλλοφύλων
- 2 Lèfini li bat moun peyi Moab yo. Li fè prizonye yo kouche plat atè. Pou chak twa ladan yo, li touye de, li kite yonn vivan. Depi lè sa a moun peyi Moab yo soumèt devan David nèt. Li fè yo peye taks ba li chak lè.
And he overcame the Moabites, and he had them measured with a line when they were stretched out on the earth; marking out two lines for death and one full line for life. So the Moabites became servants to David and gave him offerings.
καὶ ἐπάταξεν δαυὶδ τὴν μοαβ καὶ διεμέτρησεν αὐτούς ἐν σχοινίοις κοιμίσας αὐτούς ἐπὶ τὴν γῆν καὶ ἐγένετο τὰ δύο σχοινίσματα τοῦ θανατῶσαι καὶ τὰ δύο σχοινίσματα ἐξώγησεν καὶ ἐγένετο μοαβ τῷ δαυὶδ εἰς δούλους φέροντας ξένια
- 3 Apre sa, li bat Adadezè, pitit gason Reyòb, wa peyi Zoba a, ki t'ap mache pran zòn ki sou anwo larivyè Lefrat la.
And David overcame Hadadezer, the son of Rehob, king of Zobah, when he went to make his power seen by the River.
καὶ ἐπάταξεν δαυὶδ τὸν ἀδρααζαρ υἱὸν ρααβ βασιλέα σουβα πορευομένου αὐτοῦ ἐπιστήσαι τὴν χεῖρα αὐτοῦ ἐπὶ τὸν ποταμὸν εὐφράτην
- 4 David pran mil sètsan (1700) kavalye nan lame wa Adadezè a, li fè yo prizonye ansanm ak venmil (20.000) sòlda ki t'ap mache apye. Lè li fin wete kont chwal pou san cha lagè, li fè koupe jarèt tout rès chwal yo.
And David took from him one thousand, seven hundred horsemen and twenty thousand footmen: and David had the leg-muscles of the horses cut, only keeping enough of them for a hundred war-carriages.
καὶ προκατελάβετο δαυὶδ τῶν αὐτοῦ χίλια ἄρματα καὶ ἐπτὰ χιλιάδας ἰππέων καὶ εἴκοσι χιλιάδας ἀνδρῶν πεζῶν καὶ παρέλυσεν δαυὶδ πάντα τὰ ἄρματα καὶ ὑπέλιπετο ἐξ αὐτῶν ἑκατὸν ἄρματα
- 5 Moun peyi Siri ki te rete lavil Damas yo voye yon lame pou pote Adadezè, wa peyi Zoba a, konkou. David atake yo, li bat yo tou. Li touye venndemil (22.000) sòlda.
And when the Aramaeans of Damascus came to the help of Hadadezer, king of Zobah, David put to the sword twenty-two thousand of the Aramaeans.
καὶ παραγίνεται συρία δαμασκού βοηθήσαι τῷ ἀδρααζαρ βασιλεὶ σουβα καὶ ἐπάταξεν δαυὶδ ἐν τῷ σύρω εἴκοσι δύο χιλιάδας ἀνδρῶν
- 6 Apre sa, David mete kèk ganizon sòlda pa l' nan teritwa Damas la. Moun peyi Siri yo soumèt devan li. Li fè yo peye l' taks chak lè. Se konsa, Seyè a te fè David genyen tout batay kote l' pase.
And David put armed forces in Aram of Damascus: and the Aramaeans became servants to David and gave him offerings. And the Lord made David overcome wherever he went.
καὶ ἔθετο δαυὶδ φρουρὰν ἐν συρία τῇ κατὰ δαμασκὸν καὶ ἐγένετο ὁ σύρος τῷ δαυὶδ εἰς δούλους φέροντας ξένια καὶ ἔσωσεν κύριος τὸν δαυὶδ ἐν πᾶσιν οἷς ἐπορεύετο
- 7 David sezi tout gwo plak pwotèj an fè chèf lame wa Adadezè yo, li pote yo lavil Jerizalèm.
And David took their gold body-covers from the servants of Hadadezer and took them to Jerusalem.
καὶ ἔλαβεν δαυὶδ τοὺς γλιθῶνας τοὺς χρυσοῦς οἱ ἦσαν ἐπὶ τῶν παίδων τῶν ἀδρααζαρ βασιλέως σουβα καὶ ἤνεγκεν αὐτὰ εἰς ἱερουσαλημ καὶ ἔλαβεν αὐτὰ σουσακιμ βασιλεὺς αἰγύπτου ἐν τῷ ἀναβῆναι αὐτὸν εἰς ἱερουσαλημ ἐν ἡμέραις ροβοαμ υἱοῦ σολομώντος

- 8 Li pran yon gwo kantite kwiv li te jwenn lavil Beta ak lavil Bewotayi, ki te pou Adadezè.
And from Tebah and Berothai, towns of Hadadezer, King David took a great store of brass.
 και ἐκ τῆς μασβακ ἐκ τῶν ἐκλεκτῶν πόλεων τοῦ αδρααζαρ ἔλαβεν ὁ βασιλεὺς δαυιδ χαλκὸν πολλὸν σφόδρα ἐν αὐτῷ ἐποίησεν σαλωμων τὴν θάλασσαν τὴν χαλκῆν και τοὺς στύλους και τοὺς λουτήρας και πάντα τὰ σκεύη
- 9 ¶ Lè Tòy, wa lavil Amat la, tandè jan David te kraze tout lame Adadezè a,
And when Tou, king of Hamath, had news that David had overcome all the army of Hadadezer,
 και ἤκουσεν θοου ὁ βασιλεὺς ημαθ ὅτι ἐπάταξεν δαυιδ πᾶσαν τὴν δύναμιν αδρααζαρ
- 10 Li voye pitit li, Joram, al wè David pou di l' bonjou epi pou fè l' konpliman dèske li te bat Adadezè, paske Tòy te toutan ap fè lagè ak Adadezè. Joram te pote kado fèt an lò, an ajan ak an kwiv bay David.
He sent his son Hadoram to David, with words of peace and blessing, because he had overcome Hadadezer in the fight, for Hadadezer had wars with Tou; and Hadoram took with him vessels of silver and gold and brass:
 και ἀπέστειλεν θοου ιεδδουραν τὸν υἱὸν αὐτοῦ πρὸς βασιλέα δαυιδ ἐρωτήσῃ αὐτὸν τὰ εἰς εἰρήνην και εὐλογῆσαι αὐτὸν ὑπὲρ οὗ ἐπολέμησεν τὸν αδρααζαρ και ἐπάταξεν αὐτὸν ὅτι ἀντικείμενος ἦν τῷ αδρααζαρ και ἐν ταῖς χερσὶν αὐτοῦ ἦσαν σκεύη ἀργυρᾶ και σκεύη χρυσᾶ και σκεύη χαλκᾶ
- 11 Wa David pran tout bagay sa yo, li mete yo apa pou sèvis Seyè a ansanm ak tout lò ak ajan li te pran lakay moun lòt nasyon li te fè soumèt devan li,
These King David made holy to the Lord, together with the silver and gold which he had taken from the nations he had overcome--
 και ταῦτα ἡγίασεν ὁ βασιλεὺς δαυιδ τῷ κυρίῳ μετὰ τοῦ ἀργυρίου και μετὰ τοῦ χρυσοῦ οὗ ἡγίασεν ἐκ πασῶν τῶν πόλεων ὧν κατεδυνάστευσεν
- 12 ki vle di moun peyi Edon, moun peyi Moab, moun peyi Amon, moun peyi Filistini ak moun peyi Amalek. Li fè menm bagay la tou ak tou sa li te pran apre lagè ak Adadezè, pitit Reyòb, wa Zoba a.
The nations of Edom and Moab, and the children of Ammon and the Philistines and the Amalekites and the goods he had taken from Hadadezer, the son of Rehob, king of Zobah.
 ἐκ τῆς ιδουμαίας και ἐκ τῆς γῆς μοαβ και ἐκ τῶν υἱῶν αμμων και ἐκ τῶν ἀλλοφύλων και ἐξ αμαληκ και ἐκ τῶν σκύλων αδρααζαρ υἱοῦ ρααβ βασιλέως σουβα
- 13 Non David te nan bouch tout moun pi rèd toujou, lè li te fin touye dizwitmil (18.000) moun peyi Edon nan fon Sèl la.
And David got great honour for himself, when he came back, by the destruction of Edom in the valley of Salt, to the number of eighteen thousand men.
 και ἐποίησεν δαυιδ ὄνομα και ἐν τῷ ἀνακάμπτειν αὐτὸν ἐπάταξεν τὴν ιδουμαίαν ἐν γαιμελε εἰς ὀκτωκαίδεκα χιλιάδας
- 14 Li mete kèk ganizon sòlda pa l' nan teritwa Edon an. Moun Edon yo soumèt devan li. Li fè yo peye l' taks chak lè. Se konsa Seyè a te fè David genyen tout batay kote l' pase.
And he put armed forces in Edom; all through Edom he had armed forces stationed, and all the Edomites became servants to David. And the Lord made David overcome wherever he went.
 και ἔθετο ἐν τῇ ιδουμαίᾳ φρουράν ἐν πάσῃ τῇ ιδουμαίᾳ και ἐγένοντο πάντες οἱ ιδουμαῖοι δοῦλοι τῷ βασιλεῖ και ἔσωσεν κύριος τὸν δαυιδ ἐν πᾶσιν οἷς ἐπορεύετο
- 15 ¶ David t'ap gouvènen tout pèp Izrayèl la. Li te fè tout moun jistis san patipri. Li te fè tout zafè l' dwat.
And David was king over all Israel, judging and giving right decisions for all his people.
 και ἐβασίλευσεν δαυιδ ἐπὶ ἰσραηλ και ἦν δαυιδ ποιῶν κρίμα και δικαιοσύνην ἐπὶ πάντα τὸν λαὸν αὐτοῦ
- 16 Joab, pitit gason Sewouya a, te kòmandan lame a. Jozafa, pitit gason Akiloud la, te reskonsab achiv yo.
And Joab, the son of Zeruiah, was chief of the army; and Jehoshaphat, the son of Ahilud, was keeper of the records;
 και ιωαβ υἱὸς σαρουϊας ἐπὶ τῆς στρατιᾶς και ιωσαφατ υἱὸς αχια ἐπὶ τῶν ὑπομνημάτων
- 17 Zadòk, pitit gason Akitoub la, ak Akimelèk, pitit gason Abyata a, te prèt. Seraja te sekretè.
And Zadok and Abiathar, the son of Ahimelech, the son of Ahitub, were priests; and Seraiah was the scribe;
 και σαδδουκ υἱὸς αχιτωβ και αχιμελεχ υἱὸς αβιαθαρ ἱερεῖς και ασα ὁ γραμματεὺς
- 18 Benaja, pitit gason Jeojada a, te chèf keretyen ak peletyen yo ki te gad pèsònèl wa a. Pitit gason David yo menm te prèt.
And Benaiah, the son of Jehoiada, was over the Cherethites and the Pelethites; and David's sons were priests.
 και βαναιας υἱὸς ιωδαε σύμβουλος και ὁ χελεθθι και ὁ φελεττι και υἱοὶ δαυιδ ἀυλάρχαι ἦσαν
- 1 ¶ Yon jou, David mande: -Pa rete yon moun menm nan fanmi Sayil la? Si genyen, mwen ta renmen aji byen avè l' poutèt Jonatan.
And David said, Is there still anyone of Saul's family living, so that I may be a friend to him, because of Jonathan?
 και εἶπεν δαυιδ εἰ ἔστιν ἔτι ὑπολειμμένος τῷ οἴκῳ σαουλ και ποιήσω μετ' αὐτοῦ ἔλεος ἕνεκεν ιωναθαν
- 2 Te gen yon domestik ki t'ap travay lakay Sayil ki te rele Ziba. Yo fè chache l', yo mennen l' bay wa a. Wa a mande l': -Se ou menm nonm yo rele Ziba a? Li reponn: -Wi, monwa. Mwen la pou m' sèvi ou.
Now there was of Saul's people a servant named Ziba, and they sent him to David; and the king said to him, Are you Ziba? And he said, I am.
 και ἐκ τοῦ οἴκου σαουλ παῖς ἦν και ὄνομα αὐτῷ σιβα και καλοῦσιν αὐτὸν πρὸς δαυιδ και εἶπεν πρὸς αὐτὸν ὁ βασιλεὺς εἰ σὺ εἶ σιβα και εἶπεν ἐγὼ δοῦλος σός

- 3 Wa a mande l': -Pa gen yon moun ki rete nan fanmi Sayil la, pou m' ka fè kichòy pou li jan mwen te pwomèt sa devan Bondye? Ziba reponn li: -Wi, gen yonn nan pitit gason Jonatan yo ki vivan toujou. Men, li enfim nan tou de pye l' yo.
And the king said, Is there anyone of Saul's family still living, to whom I may be a friend in God's name? And Ziba said, There is a son of Jonathan, whose feet are damaged.
καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς εἰ ὑπολείπεται ἐκ τοῦ οἴκου σαουλ ἔτι ἀνὴρ καὶ ποιήσω μετ' αὐτοῦ ἔλεος θεοῦ καὶ εἶπεν σίβα πρὸς τὸν βασιλέα ἔτι ἔστιν υἱὸς τῷ ἰωναθαν πεπληγὸς τοὺς πόδας
- 4 Wa a mande l': -Kote l' ye? Ziba reponn: -Li kay Maki, pitit gason Amiyèl la, lavil Lodeba.
And the king said to him, Where is he? And Ziba said to the king, He is in the house of Machir, the son of Ammiel, in Lo-debar.
καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς ποῦ οὗτος καὶ εἶπεν σίβα πρὸς τὸν βασιλέα ἰδοὺ ἐν οἴκῳ μαχίρ υἱοῦ ἀμμηλ ἐκ τῆς λαδαβαρ
- 5 Se konsa, David voye chache l'.
Then King David sent, and had him taken from Lo-debar, from the house of Machir, the son of Ammiel.
καὶ ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς δαυὶδ καὶ ἔλαβεν αὐτὸν ἐκ τοῦ οἴκου μαχίρ υἱοῦ ἀμμηλ ἐκ τῆς λαδαβαρ
- 6 Lè Mefibochèt, pitit Jonatan, pitit pitit Sayil la, rive, li mete ajenou, li bese tèt li rive atè devan David. David di l' konsa: -Mefibochèt? Li reponn: -Se mwen menm, monwa. M' la pou m' sèvi ou.
And Mephibosheth, the son of Jonathan, came to David, and falling down on his face, gave him honour. And David said, Mephibosheth. And answering he said, Your servant is here.
καὶ παραγίνεται μεμφιβοσθε υἱὸς ἰωναθαν υἱοῦ σαουλ πρὸς τὸν βασιλέα δαυὶδ καὶ ἔπεσεν ἐπὶ πρόσωπον αὐτοῦ καὶ προσεκύνησεν αὐτῷ καὶ εἶπεν αὐτῷ δαυὶδ μεμφιβοσθε καὶ εἶπεν ἰδοὺ ὁ δοῦλός σου
- 7 David di l' konsa: -Ou pa bezwen pè. Mwen pral aji byen avè ou poutèt Jonatan, papa ou. M'ap renmèt ou tout tè ki te pou Sayil, granpapa ou. Lèfini, chak jou w'a vin manje sou tab avè m'.
And David said to him, Have no fear: for truly I will be good to you, because of your father Jonathan, and I will give back to you all the land which was Saul's; and you will have a place at my table at all times.
καὶ εἶπεν αὐτῷ δαυὶδ μὴ φοβοῦ ὅτι ποιῶν ποιήσω μετὰ σοῦ ἔλεος διὰ ἰωναθαν τὸν πατέρα σου καὶ ἀποκαταστήσω σοὶ πάντα ἀγρὸν σαουλ πατρός τοῦ πατρός σου καὶ σὺ φάγῃ ἄρτον ἐπὶ τῆς τραπέζης μου διὰ παντός
- 8 Mefibochèt bese tèt li byen ba ankò, li di: -Monwa, poukisa w'ap okipe yon vye chen tou mouri tankou mwen?
And he went down on his face before the king, and said, What is your servant, for you to take note of a dead dog such as I am?
καὶ προσεκύνησεν μεμφιβοσθε καὶ εἶπεν τίς εἰμι ὁ δοῦλός σου ὅτι ἐπέβλεψας ἐπὶ τὸν κύνα τὸν τεθνηκότα τὸν ὅμοιον ἐμοί
- 9 ¶ Lè sa a, wa a rele Ziba, domestik Sayil la, li di l' konsa: -Mwen renmèt Mefibochèt, pitit pitit gason mèt ou a, tou sa ki te pou Sayil ak fanmi l'.
Then the king sent for Ziba, Saul's servant, and said to him, All the property of Saul and of his family I have given to your master's son.
καὶ ἐκάλεσεν ὁ βασιλεὺς σίβα τὸ παιδάριον σαουλ καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν πάντα ὅσα ἔστιν τῷ σαουλ καὶ ὅλῳ τῷ οἴκῳ αὐτοῦ δέδωκα τῷ υἱῷ τοῦ κυρίου σου
- 10 Ou men, ansanm ak pitit gason ou yo ak moun k'ap sèvi avè ou yo, nou pral travay tè a pou li. W'a pote rekòt la ba li pou rès fanmi l' ka jwenn manje pou yo manje. Men, Mefibochèt li menm ap toujou vin manje chak jou sou tab avè m'. Ziba te gen kenx pitit gason ak ven moun k'ap sèvi l'.
And you and your sons and your servants are to take care of the land for him, and get in the fruit of it, so that your master's son may have food: but Mephibosheth, your master's son, will have a place at my table at all times. Now Ziba had fifteen sons and twenty servants.
καὶ ἐργᾶ αὐτῷ τὴν γῆν σὺ καὶ οἱ υἱοί σου καὶ οἱ δοῦλοι σου καὶ εἰσίσσεις τῷ υἱῷ τοῦ κυρίου σου ἄρτους καὶ ἔδεται αὐτούς καὶ μεμφιβοσθε υἱὸς τοῦ κυρίου σου φάγεται διὰ παντός ἄρτον ἐπὶ τῆς τραπέζης μου καὶ τῷ σίβῃ ἦσαν πεντεκαίδεκα υἱοὶ καὶ εἴκοσι δοῦλοι
- 11 Ziba reponn li: -M'ap fè tou sa monwa ban m' lòd fè. Se konsa, Mefibochèt toujou manje sou tab ansanm ak David tankou si li te yonn nan pitit wa a.
Then Ziba said to the king, Every order which you have given to your servant will be done. As for Mephibosheth, he had a place at David's table, like one of the king's sons.
καὶ εἶπεν σίβα πρὸς τὸν βασιλέα κατὰ πάντα ὅσα ἐντέλλεται ὁ κύριός μου ὁ βασιλεὺς τῷ δοῦλῳ αὐτοῦ οὕτως ποιήσει ὁ δοῦλός σου καὶ μεμφιβοσθε ἦσθιεν ἐπὶ τῆς τραπέζης δαυὶδ καθὼς εἷς τῶν υἱῶν τοῦ βασιλέως
- 12 Mefibochèt te gen yon pitit gason ki te piti joujou. Li te rele Mika. Tout moun ki te rete kay Ziba t'ap travay pou Mefibochèt.
And Mephibosheth had a young son named Mica. And all the people living in the house of Ziba were servants to Mephibosheth.
καὶ τῷ μεμφιβοσθε υἱὸς μικρὸς καὶ ὄνομα αὐτῷ μιχα καὶ πᾶσα ἡ κατοικήσις τοῦ οἴκου σίβα δοῦλοι τοῦ μεμφιβοσθε
- 13 Se konsa, Mefibochèt ki te enfim nan tou de pye l' yo rete lavil Jerizalèm. Li t'ap manje chak jou sou tab ansanm ak wa a.
So Mephibosheth went on living in Jerusalem; for he took all his meals at the king's table; and he had not the use of his feet.
καὶ μεμφιβοσθε κατῴκει ἐν ἱερουσαλὴμ ὅτι ἐπὶ τῆς τραπέζης τοῦ βασιλέως διὰ παντός ἦσθιεν καὶ αὐτὸς ἦν χωλὸς ἀμφοτέροις τοῖς ποσὶν αὐτοῦ
- 1 ¶ Kèk tan apre sa, Nakach, wa lavil Amon an, mouri. Se pitit li, Anoun, ki moute wa nan plas li.
Now after this, death came to the king of the children of Ammon, and Hanun, his son, became king in his place.
καὶ ἐγένετο μετὰ ταῦτα καὶ ἀπέθανεν βασιλεὺς υἱῶν ἀμμων καὶ ἐβασίλευσεν ἀννον υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ

- 2 David di: -Se pou m' aji byen ak Anoun menm jan papa l', Nakach, te aji byen avè m'. Se konsa David voye mesaje al di Anoun jan sa te fè l' lapenn lè l' pran nouvèl lanmò papa l'. Lè mesaje yo rive lavil Amon,
And David said, I will be a friend to Hanun, the son of Nahash, as his father was a friend to me. So David sent his servants, to give him words of comfort on account of his father. And David's servants came into the land of the children of Ammon.
 και ειπεν δαυιδ ποιησω ελεος μετα ανων υιου νασ δν τροπον εποιησεν ο πατηρ αυτου μετ' εμου ελεος και απεστειλεν δαυιδ παρακαλεσαι αυτον εν χειρι των δουλων αυτου περι του πατρος αυτου και ι παρεγενοντο οι παιδες δαυιδ εις την γην υιων αμμων
- 3 chéf moun Amon yo di wa Anoun konsa: -Pa konprann se sèlman pou lanmò papa ou la kifè David voye mesaje sa yo bò kote ou pou konsole ou. Detwonpe ou. Li voye yo isit la pou yo wè jan lavil la ye, pou yo gade byen jan sa ap pase nan lavil la. Konsa, pita li ka vin pran lavil la nan men nou.
But the chiefs of the children of Ammon said to Hanun their lord, Does it seem to you that David is honouring your father by sending comforters to you? has he not sent his servants to go through the town and make secret observation of it, and overcome it?
 και ειπον οι αρχοντες υιων αμμων προς ανων τον κυριον αυτων μη παρα το δοξάζειν δαυιδ τον πατέρα σου ενωπιόν σου ότι απεστειλέν σοι παρακαλουντας άλλ' ουχι ὅπως ἐρευνησωσιν την πόλιν και κατασκοπήσωσιν αυτην και του κατασκέψασθαι αυτην απεστειλεν δαυιδ τους παιδας αυτου προς σε
- 4 Sa Anoun fè lè sa a, li pran moun David te voye yo, li raze tout yon bò nan bab yo, li koupe anba rad yo ra dèyè yo, li voye yo tounen.
So Hanun took David's servants, and after cutting off half the hair on their chins, and cutting off the skirts of their robes up to the middle, he sent them away.
 και ελαβεν ανων τους παιδας δαυιδ και εξυρρησεν τους πώγωνας αυτων και απέκομεν τους μανδύας αυτων εν τῷ ἡμίσει εως των ισχιων αυτων και εξαπέστειλεν αυτους
- 5 Mesye yo te wont anpil pou yo te tounen lakay yo konsa. Lè David vin konn sa ki te rive yo, li voye di yo rete lavil Jeriko, y'a tounen lakay yo lè bab yo va pouse ankò.
When David had news of it, he sent men out with the purpose of meeting them on their way, for the men were greatly shamed: and the king said, Go to Jericho till your hair is long again, and then come back.
 και ανήγγειλαν τῷ δαυιδ ὑπερ των ανδρων και απεστειλεν εις απαντην αυτων ότι ἦσαν οι ανδρες ητιμασμενοι σφοδρα και ειπεν ο βασιλευς καθισατε εν ιεριχω εως του ανατειλαι τους πώγωνας ὑμων και επιστραφήσεσθε
- 6 ¶ Moun Amon yo vin konprann yo te fè David fache. Yo voye chache venmil (20.000) sòlda lavil Bètreyòb ak lavil Zoba nan peyi Aram lan, ak douzmil (12.000) gason lavil Tòb. Yo voye chache wa lavil Maka a tou ansanm ak mil (1.000) sòlda. Yo peye yo pou yo vin goumen pou yo.
And when the children of Ammon saw that they had made themselves hated by David, they sent to the Aramaeans of Beth-rehob and Zobah, and got for payment twenty thousand footmen, and they got from the king of Maacah a thousand men, and from Tob twelve thousand.
 και ειδαν οι υιοι αμμων ότι κατασχύνθησαν ο λαος δαυιδ και απεστειλαν οι υιοι αμμων και εμισθώσαντο την συριαν βαιθρωβ εικοσι χιλιάδας πεζων και τον βασιλέα μααχα χιλίους ανδρας και ιστωβ δώδεκα χιλιάδας ανδρων
- 7 David menm vin konn sa, li voye Joab ak tout lame vanyan sòlda li yo al kontre yo.
And hearing of this, David sent Joab and all the army and the best fighting-men.
 και ηκουσεν δαυιδ και απεστειλεν τον ιωαβ και πασαν την δύναμιν τους δυνατους
- 8 Moun Amon yo soti, y' al pran pozisyon devan pòtay lavil Raba, kapital yo a. Moun Aram ki soti lavil Bètreyòb ak lavil Zoba yo ansanm ak mesye lavil Tòb yo ak mesye lavil Maka yo pran pozisyon nan plenn lan.
And the children of Ammon came out and put their forces in position at the way into the town: and the Aramaeans of Zobah and of Rehob, with the men of Tob and Maacah, were by themselves in the field.
 και εξηλθαν οι υιοι αμμων και παρετάξαντο πόλεμον παρα τη θύρα της πόλης και συρία σουβα και ροωβ και ιστωβ και μααχα μόνοι εν ἀγρῷ
- 9 Joab te wè lame lènmi yo te ka atake l' ni sou devan ni sou dèyè. Sa l' fè? Li chwazi pi bon sòlda nan lame pèp Izrayèl la, li mete yo an pozisyon devan lame moun Aram yo.
Now when Joab saw that their forces were in position against him in front and at his back, he took the best of the men of Israel and put them in line against the Aramaeans;
 και ειδεν ιωαβ ότι ἐγενήθη προς αυτον αντιπρόσωπον του πολέμου εκ του κατα πρόσωπον εξ εναντίας και εκ του ὀπισθεν και επέλεξεν εκ πάντων των νεανίσκων ισραηλ και παρετάξαντο εξ εναντίας συρίας
- 10 Lèfini, li mete Abichayi, frè l' la, alatèt rès lame a, li fè yo pran pozisyon devan moun Amon yo.
And the rest of the people he put in position against the children of Ammon, with Abishai, his brother, at their head.
 και το κατάλοιπον του λαου εδωκεν εν χειρι αβεσσα του αδελφου αυτου και παρετάξαντο εξ εναντίας υιων αμμων
- 11 Joab di Abichayi konsa: -Si ou wè moun Aram yo soti pou yo bat mwen, w'a vin ede m'. Konsa tou, si mwen wè moun Amon yo vle pi fò pase ou, m'a vin ede ou.
And he said, If the Aramaeans are stronger and get the better of me, then you are to come to my help; but if the children of Ammon get the better of you, I will come to your help.
 και ειπεν εν κραταιωθη συρία ὑπερ εμέ και εσεσθέ μοι εις σωτηριαν και εαν υιοι αμμων κραταιωθωσιν ὑπερ σε και εσόμεθα του σώσαι σε

- 12 **Mete gason sou nou. Kouraj! Nou pral goumen rèd mare pou pèp nou an ak pou lavil Bondye nou an. Bondye va fè sa li vle li menm.**
Take heart, and let us be strong for our people and for the towns of our God, and may the Lord do what seems good to him.
ἀνδρίζου καὶ κραταιωθῶμεν ὑπὲρ τοῦ λαοῦ ἡμῶν καὶ περὶ τῶν πόλεων τοῦ θεοῦ ἡμῶν καὶ κύριος ποιήσει τὸ ἀγαθὸν ἐν ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ
- 13 **Joab ak sòlda li yo mache sou moun Aram yo. Moun Aram yo kouri pou li.**
Then Joab and the people with him went forward to the fight against the Aramaeans, and they went in flight before him.
καὶ προσῆλθεν ἰωαβ καὶ ὁ λαὸς αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ εἰς πόλεμον πρὸς συρίαν καὶ ἔφυγαν ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ
- 14 **Lè moun Amon yo wè moun Aram yo kouri ale, yo kouri tou pou Abichayi, yo antre nan lavil la. Lè sa a, Joab sispann batay la ak moun Amon yo, li tounen lavil Jerizalèm.**
And when the children of Ammon saw the flight of the Aramaeans, they themselves went in flight from Abishai, and came into the town. So Joab went back from fighting the children of Ammon and came to Jerusalem.
καὶ οἱ υἱοὶ ἀμμων εἶδαν ὅτι ἔφυγεν συρία καὶ ἔφυγαν ἀπὸ προσώπου ἀβεσσα καὶ εἰσῆλθαν εἰς τὴν πόλιν καὶ ἀνέστρεψεν ἰωαβ ἀπὸ τῶν υἱῶν ἀμμων καὶ παρεγένοντο εἰς ἱερουσαλημ
- 15 **¶ Lè moun Aram yo wè moun Izrayèl yo te bat yo ankò, yo sanble dènye sòlda yo te genyen.**
And when the Aramaeans saw that Israel had overcome them, they got themselves together.
καὶ εἶδεν συρία ὅτι ἔπταισεν ἔμπροσθεν ἰσραηλ καὶ συνήχθησαν ἐπὶ τὸ αὐτό
- 16 **Adadezè voye yon mesaj bay moun Aram ki rete lòt bò larivyè Lefrat la, pou yo pare vin goumen pou li. Yo reyini lavil Elam. Se Chobak, chèf lame Adadezè a, ki te alatèt yo.**
And Hadadezer sent for the Aramaeans who were on the other side of the River: and they came to Helam, with Shobach, the captain of Hadadezer's army, at their head.
καὶ ἀπέστειλεν ἀδρααζαρ καὶ συνήγαγεν τὴν συρίαν τὴν ἐκ τοῦ πέραν τοῦ ποταμοῦ χαλαμακ καὶ παρεγένοντο αἰλαμ καὶ σοβακ ἄρχων τῆς δυνάμεως ἀδρααζαρ ἔμπροσθεν αὐτῶν
- 17 **Lè David vin konn sa, li sanble tout lame pèp Izrayèl la, li janbe lòt bò larivyè Jouden, li rive Elam. Moun Aram yo pran pozisyon devan li. Epi batay la konmanse.**
And word of this was given to David: and he got all Israel together and went over Jordan and came to Helam. And the Aramaeans put their forces in position against David, and made an attack on him.
καὶ ἀνηγγέλη τῷ δαυὶδ καὶ συνήγαγεν τὸν πάντα ἰσραηλ καὶ διέβη τὸν ἰορδάνην καὶ παρεγένοντο εἰς αἰλαμ καὶ παρετάξατο συρία ἀπέναντι δαυὶδ καὶ ἐπολέμησαν μετ' αὐτοῦ
- 18 **Moun Izrayèl yo fè moun Aram yo kouri met deyò. David ak sòlda li yo touye sètans (700) sòlda ki te sou cha lagè, katòzmil (14.000) sòlda ki te sou chwal. Yo blese Chobak, chèf lame lènmi yo, ki mouri la menm kote yo t'ap goumen an.**
And the Aramaeans went in flight before Israel; and David put to the sword the men of seven hundred Aramaean war-carriages and forty thousand footmen, and Shobach, the captain of the army, was wounded, and came to his death there.
καὶ ἔφυγεν συρία ἀπὸ προσώπου ἰσραηλ καὶ ἀνέϊλεν δαυὶδ ἐκ τῆς συρίας ἑπτακόσια ἄρματα καὶ τεσσαράκοντα χιλιάδας ἰπέων καὶ τὸν σοβακ τὸν ἄρχοντα τῆς δυνάμεως αὐτοῦ ἐπάταξεν καὶ ἀπέθανεν ἐν ἐκεῖ
- 19 **Lè tout ti wa ki te mete tèt ansanm ak Adadezè yo wè jan moun Izrayèl yo te bat yo, yo fè lapè ak yo, yo soumèt devan yo. Se konsa, moun Aram pa pran chans al pote moun Amon yo sekou ankò.**
And when all the kings who were servants of Hadadezer saw that they were overcome by Israel, they made peace with Israel and became their servants. So the Aramaeans, in fear, gave no more help to the children of Ammon.
καὶ εἶδαν πάντες οἱ βασιλεῖς οἱ δοῦλοι ἀδρααζαρ ὅτι ἔπταισεν ἔμπροσθεν ἰσραηλ καὶ ἠϋτομόλησαν μετὰ ἰσραηλ καὶ ἐδοῦλευσαν αὐτοῖς καὶ ἐφοβήθη συρία τοῦ σῶσαι ἔτι τοὺς υἱοὺς ἀμμων
- 1 **¶ Nan prentan apre sa, nan epòk wa yo konn soti pou al fè lagè, David voye Joab ansanm ak tout lòt ofisye yo alatèt lame pèp Izrayèl la al goumen ak moun Amon yo. Yo ravaje peyi Amon an, yo sènen lavil Raba. David menm te rete lavil Jerizalèm.**
Now in the spring, at the time when kings go out to war, David sent Joab and his servants and all Israel with him; and they made waste the land of the children of Ammon, and took up their position before Rabbah, shutting it in. But David was still at Jerusalem.
καὶ ἐγένετο ἐπιστρέψαντος τοῦ ἐνιαυτοῦ εἰς τὸν καιρὸν τῆς ἐξοδίας τῶν βασιλέων καὶ ἀπέστειλεν δαυὶδ τὸν ἰωαβ καὶ τοὺς παῖδας αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ καὶ τὸν πάντα ἰσραηλ καὶ διέφθειραν τοὺς υἱοὺς ἀμμων καὶ διεκάθισαν ἐπὶ ραββαθ καὶ δαυὶδ ἐκάθισεν ἐν ἱερουσαλημ
- 2 **Yon jou, bò aswè, David te fin fè yon ti poze, li leve, li soti al sou teras ki anwo palè a. Antan li la, li wè yon fanm ki t'ap benyen. Fanm lan te bèl anpil.**
Now one evening, David got up from his bed, and while he was walking on the roof of the king's house, he saw from there a woman bathing; and the woman was very beautiful.
καὶ ἐγένετο πρὸς ἑσπέραν καὶ ἀνέστη δαυὶδ ἀπὸ τῆς κοίτης αὐτοῦ καὶ περιεπάτει ἐπὶ τοῦ δώματος τοῦ οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ εἶδεν γυναῖκα λουομένην ἀπὸ τοῦ δώματος καὶ ἡ γυνὴ καλὴ τῷ εἶδει σφ ὄδρα
- 3 **Li voye chache konnen ki moun fanm lan te ye. Yo vin di l' se Batcheba, pitit fi Eliyam lan, madan Ouri, moun peyi Et la.**
And David sent to get knowledge who the woman was. And one said, Is this not Bath-sheba, the daughter of Eliam and wife of Uriah the Hittite?
καὶ ἀπέστειλεν δαυὶδ καὶ ἐζήτησεν τὴν γυναῖκα καὶ εἶπεν οὐχὶ αὕτη βηρσαβε θυγάτηρ ελιαβ γυνὴ ουρίου τοῦ χετταίου

- 4 David voye mesaje al chache l' mennen l' ba li, li kouche avè l'. Lè sa a Batcheba te fèk fin fè sèvis pou l' fè apre règ li. Apre sa, Batcheba tounen lakay li.
And David sent and took her; and she came to him, and he took her to his bed: (for she had been made clean;) then she went back to her house.
και απέστειλεν δαυιδ ἀγγέλους και ἔλαβεν αὐτήν και εἰσήλθεν πρὸς αὐτὸν και ἐκοιμήθη μετ' αὐτῆς και αὐτὴ ἀγιαζομένη ἀπὸ ἀκαθαρσίας αὐτῆς και ἀπέστρεψεν εἰς τὸν οἶκον αὐτῆς
- 5 Fanm lan vin ansent. Li voye nouvèl bay David pou fè l' konn sa.
And the woman became with child; and she sent word to David that she was with child.
και ἐν γαστρὶ ἔλαβεν ἡ γυνὴ και ἀποστείλασα ἀπήγγειλεν τῷ δαυιδ και εἶπεν ἐγὼ εἰμι ἐν γαστρὶ ἔχω
- 6 ¶ David voye yon mesaj bay Joab, li mande l' pou l' voye Ouri, moun peyi Et la, ba li. Se konsa, Joab voye Ouri bay David.
And David sent to Joab saying, Send Uriah the Hittite to me. And Joab sent Uriah to David.
και απέστειλεν δαυιδ πρὸς ιωαβ λέγων ἀπόστειλον πρὸς με τὸν ουριαν τὸν χετταῖον και ἀπέστειλεν ιωαβ τὸν ουριαν πρὸς δαυιδ
- 7 Lè Ouri rive, David mande l' nouvèl Joab ak sòlda yo, ki jan batay la ye.
And when Uriah came to him, David put questions to him about how Joab and the people were, and how the war was going.
και παραγίνεται ουριας και εἰσήλθεν πρὸς αὐτόν και ἐπηρώτησεν δαυιδ εἰς εἰρήνην ιωαβ και εἰς εἰρήνην τοῦ λαοῦ και εἰς εἰρήνην τοῦ πολέμου
- 8 Apre sa, li di Ouri: -Desann al lakay ou non! Al poze kò ou! Ouri soti. David voye yon kado pou li lakay li.
And David said to Uriah, Go down to your house and let your feet be washed. And Uriah went away from the king's house, and an offering from the king was sent after him.
και εἶπεν δαυιδ τῷ ουρια κατάβηθι εἰς τὸν οἶκόν σου και νίψαι τοὺς πόδας σου και ἐξῆλθεν ουριας ἐξ οἴκου τοῦ βασιλέως και ἐξῆλθεν ὀπίσω αὐτοῦ ἄρισς τοῦ βασιλέως
- 9 Men Ouri pa al lakay li. Li kouche bò pòtay palè a ansanm ak tout lòt sòlda wa yo.
But Uriah took his rest at the door of the king's house, with all the servants of his lord, and did not go down to his house.
και ἐκοιμήθη ουριας παρὰ τῇ θύρᾳ τοῦ βασιλέως μετὰ τῶν δούλων τοῦ κυρίου αὐτοῦ και οὐ κατέβη εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ
- 10 Lè David vin konnen Ouri pa t' al lakay li, li mande l': -Ou fèk antre soti nan vwayaj, poukisa ou pa al lakay ou?
And when word was given to David that Uriah had not gone down to his house, David said to Uriah, Have you not come from a journey? why did you not go down to your house?
και ἀνήγγειλεν τῷ δαυιδ λέγοντες ὅτι οὐ κατέβη ουριας εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ και εἶπεν δαυιδ πρὸς ουριαν οὐχὶ ἐξ ὁδοῦ σὺ ἔρχῃ τί ὅτι οὐ κατέβης εἰς τὸν οἶκόν σου
- 11 Ouri reponn David: -Sòlda Izrayèl yo ak sòlda Jida yo byen lwen ap fè lagè, Bwat Kontra Seyè a ansanm ak yo. Kòmandan Joab ak lòt chèf lame monwa yo ap pase nwit deyò nan plenn yo. Ki jan ou vle pou m' al lakay mwen, manje, bwè, kouche ak madanm mwen? Mwen fè sèman sou tèt ou, menm jan ou vivan an, m' pa ka janm fè bagay konsa.
And Uriah said to David, Israel and Judah with the ark are living in tents, and my lord Joab and the other servants of my lord are sleeping in the open field; and am I to go to my house and take food and drink, and go to bed with my wife? By the living Lord, and by the life of your soul, I will not do such a thing.
και εἶπεν ουριας πρὸς δαυιδ ἡ κιβωτὸς και ἰσραηλ και ἰουδας κατοικοῦσιν ἐν σκηναῖς και ὁ κύριός μου ιωαβ και οἱ δούλοι τοῦ κυρίου μου ἐπὶ πρόσωπον τοῦ ἀγροῦ παρεμβάλλουσιν και ἐγὼ εἰσελεύσομαι εἰς τὸν οἶκόν μου φαγεῖν και πιεῖν και κοιμηθῆναι μετὰ τῆς γυναίκός μου πῶς ζῆ ἡ ψυχὴ σου εἰ ποιήσω τὸ ῥῆμα τοῦτο
- 12 David di li: -Bon. Ou mèt rete pase rès jounen an isit la. Denmen m'a voye ou ale. Se konsa, Ouri rete lavil Jerizalèm pou de jou ankò.
And David said to Uriah, Be here today, and after that I will let you go. So Uriah was in Jerusalem that day and the day after.
και εἶπεν δαυιδ πρὸς ουριαν κάθισον ἐνταῦθα και γε σήμερον και αὔριον ἐξαποστελῶ σε και ἐκάθισεν ουριας ἐν ἱερουσαλημ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ και τῇ ἐπαύριον
- 13 David envite l' vin manje avè l'. Li fè l' bwè jouk li sou. Men jou swa sa a tou, Ouri pa desann al lakay li. Li kouche sou kabann li ansanm ak sòlda palè wa yo.
And when David sent for him, he took meat and drink with him, and David made him the worse for drink: and when evening came, he went to rest on his bed with the servants of his lord, but he did not go down to his house.
και ἐκάλεσεν αὐτὸν δαυιδ και ἔφαγεν ἐνόπιον αὐτοῦ και ἔπιεν και ἐμέθυσεν αὐτόν και ἐξῆλθεν ἐσπέρας τοῦ κοιμηθῆναι ἐπὶ τῆς κοίτης αὐτοῦ μετὰ τῶν δούλων τοῦ κυρίου αὐτοῦ και εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ οὐ κατέβη
- 14 ¶ Nan denmen, David ekri Joab yon lèt, li bay Ouri pote l' ale.
Now in the morning, David gave Uriah a letter to take to Joab.
και ἐγένετο πρωὶ και ἔγραψεν δαυιδ βιβλίον πρὸς ιωαβ και ἀπέστειλεν ἐν χειρὶ ουριου
- 15 Nan lèt la, li te ekri: W'a mete Ouri devan nèt, kote batay la pi cho a. Apre sa, rale kò ou deyò, kite yo touye l'.
And in the letter he said, Take care to put Uriah in the very front of the line, where the fighting is most violent, and go back from him, so that he may be overcome and put to death.
και ἔγραψεν ἐν τῷ βιβλίῳ λέγων εἰσάγαγε τὸν ουριαν ἐξ ἐναντίας τοῦ πολέμου τοῦ κραταιοῦ και ἀποστραφήσεσθε ἀπὸ ὀπισθεν αὐτοῦ και πληγήσεται και ἀποθανείται
- 16 Se konsa, Joab ki te sènen lavil Raba a voye Ouri kote li te konnen lènmi yo te pi fò a.
So while Joab was watching the town, he put Uriah in the place where it was clear to him the best fighters were.
και ἐγενήθη ἐν τῷ φυλάσσειν ιωαβ ἐπὶ τὴν πόλιν και ἔθηκεν τὸν ουριαν εἰς τὸν τόπον οὗ ᾔδει ὅτι ἄνδρες δυνάμεως ἐκεῖ

- 17 **Lame lènmi yo soti nan lavil la, yo vin kontre ak lame Joab la. Gen anpil sòlda ak anpil ofisyè lame David la ki te mouri. Ouri, moun peyi Et la, mouri tou.**
And the men of the town went out and had a fight with Joab: and a number of David's men came to their death in the fight, and with them Uriah the Hittite.
καὶ ἐξῆλθον οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως καὶ ἐπολέμουν μετὰ ἰωαβ καὶ ἔπεσαν ἐκ τοῦ λαοῦ ἐκ τῶν δούλων δαυὶδ καὶ ἀπέθανεν καὶ γε ουρίας ὁ χετταῖος
- 18 **Joab voye rakonte David tout ti detay sou jan batay la pase.**
Then Joab sent David news of everything which had taken place in the war:
καὶ ἀπέστειλεν ἰωαβ καὶ ἀπήγγειλεν τῷ βασιλεῖ πάντας τοὺς λόγους τοῦ πολέμου
- 19 **Epi li bay mesaje a lòd sa a: -Lè w'a fin rakonte wa a tout ti detay batay la,**
And he gave orders to the man who took the news, saying, After you have given the king all the news about the war,
καὶ ἐνετείλατο τῷ ἀγγέλῳ λέγων ἐν τῷ συντελέσαι σε πάντας τοὺς λόγους τοῦ πολέμου λαλῆσαι πρὸς τὸν βασιλέα
- 20 **li ka fè kòlè, li ka di ou: Poukisa nou te pwoche pre lavil la konsa pou m' te goumen ak lènmi yo? Se konnen nou pa konnen yo te ka rete sou tèt miray la pou yo tire flèch sou nou?**
If the king is angry and says, Why did you go so near the town for the fight? was it not certain that their archers would be on the wall?
καὶ ἔσται ἐὰν ἀναβῆ ὁ θυμὸς τοῦ βασιλέως καὶ εἶπῃ σοι τί ὅτι ἠγγίσαιτε πρὸς τὴν πόλιν πολεμῆσαι οὐκ ἦδειτε ὅτι τοξεύουσιν ἀπάνωθεν τοῦ τείχους
- 21 **Nou gen lè bliye jan Abimelèk, pitit Jedeyon an te mouri lavil Tebès? Se yon fanm ki te rete sou tèt miray la, li voye yo wòl moulen sou li, li touye l' frèt. Poukisa atò nou te pwoche pre lavil la konsa? Si wa a pale konsa avè ou, w'a di l': Ouri, moun peyi Et la, ofisyè lame ou la, mouri tou.**
Who put Abimelech, the son of Jerubbaal, to death? did not a woman send a great stone down on him from the wall, putting him to death at Thebez? why did you go so near the wall? Then say to him, Your servant Uriah the Hittite is among the dead.
τίς ἐπάταξεν τὸν ἀβιμελεχ υἱὸν ιεροβααλ οὐχὶ γυνὴ ἔρριψεν ἐπ' αὐτὸν κλάσμα μύλου ἐπάνωθεν τοῦ τείχους καὶ ἀπέθανεν ἐν θαμασί ἵνα τί προσηγάγετε πρὸς τὸ τεῖχος καὶ ἐρεῖς καὶ γε ουρίας ὁ δουλὸς σου ὁ χετταῖος ἀπέθανεν
- 22 **Mesaje a ale, li rakonte David tou sa Joab te ba li lòd rakonte l' la.**
So the man went, and came to David, and gave him all the news which Joab had sent him to give; then David was angry with Joab and said, Why did you go so near the town for the fight? was it not certain that their archers would be on the wall? who put Abimelech, the son of Jerubbaal, to death? did not a woman send a great stone down on him from the wall, putting him to death at Thebez? why did you go so near the wall?
καὶ ἐπορεύθη ὁ ἄγγελος ἰωαβ πρὸς τὸν βασιλέα εἰς ἱερουσαλημ καὶ παρεγένετο καὶ ἀπήγγειλεν τῷ δαυὶδ πάντα ὅσα ἀπήγγειλεν αὐτῷ ἰωαβ πάντα τὰ ῥήματα τοῦ πολέμου καὶ ἐθυμώθη δαυὶδ πρὸς ἰωαβ καὶ εἶπεν πρὸς τὸν ἄγγελον ἵνα τί προσηγάγετε πρὸς τὴν πόλιν τοῦ πολεμῆσαι οὐκ ἦδειτε ὅτι πληγήσεσθε ἀπὸ τοῦ τείχους τίς ἐπάταξεν τὸν ἀβιμελεχ υἱὸν ιεροβααλ οὐχὶ γυνὴ ἔρριψεν ἐπ' αὐτὸν κλάσμα μύλου ἀπὸ τοῦ τείχους καὶ ἀπέθανεν ἐν θαμασί ἵνα τί προσηγάγετε πρὸς τὸ τεῖχος
- 23 **Li di l': -Lènmi nou yo te pi fò pase nou. Yo fè yon soti nan lavil la, yo vin goumen avè nou nan plenn lan. Men nou fè yo kase tèt tounen, nou kouri deyè yo jouk devan pòtay lavil la.**
And the man said to David, Truly the men got the better of us, and came out against us into the open country, but we sent them back to the very doors of the town.
καὶ εἶπεν ὁ ἄγγελος πρὸς δαυὶδ ὅτι ἐκραταίωσαν ἐφ' ἡμᾶς οἱ ἄνδρες καὶ ἐξῆλθαν ἐφ' ἡμᾶς εἰς τὸν ἀγρόν καὶ ἐγενήθημεν ἐπ' αὐτοὺς ἕως τῆς θύρας τῆς πόλης
- 24 **Se lè sa a, yo rete sou tèt miray yo, yo voye flèch sou nou. Gen kèk ofisyè lame wa a ki mouri. Ouri, moun peyi Et la, ofisyè wa a, mouri tou.**
And the archers sent their arrows at your servants from the wall, and some of the king's servants are dead, and among them is your servant Uriah the Hittite.
καὶ ἐτόξευσαν οἱ τοξεύοντες πρὸς τοὺς παῖδάς σου ἀπάνωθεν τοῦ τείχους καὶ ἀπέθαναν τῶν παίδων τοῦ βασιλέως καὶ γε ὁ δουλὸς σου ουρίας ὁ χετταῖος ἀπέθανεν
- 25 **David di mesaje a: -Ankouraje Joab. Di li li pa bezwen kite sa fatigue l' twòp. Se toujou konsa lè y'ap fè lagè. Ou pa janm konnen kilès ki pral mouri. Di li pare pou li fè yon gwo atak sou lavil la pou li pran l'.**
Then David said to the man, Go and say to Joab, Do not let this be a grief to you; for one man may come to his death by the sword like another: put up an even stronger fight against the town, and take it: and do you put heart into him.
καὶ εἶπεν δαυὶδ πρὸς τὸν ἄγγελον τάδε ἐρεῖς πρὸς ἰωαβ μὴ πονηρὸν ἔστω ἐν ὀφθαλμοῖς σου τὸ ῥῆμα τοῦτο ὅτι ποτὲ μὲν οὕτως καὶ ποτὲ οὕτως φάγεται ἡ μάχαιρα κραταίωσον τὸν πόλεμόν σου πρὸς τὴν πόλιν καὶ κατάσπασον αὐτήν καὶ κραταίωσον αὐτόν
- 26 **Lè Batcheba vin pran nouvèl mari l' te mouri, li pran lapenn pou li.**
And when the wife of Uriah had news that her husband was dead, she gave herself up to weeping for him.
καὶ ἤκουσεν ἡ γυνὴ ουρίου ὅτι ἀπέθανεν ουρίας ὁ ἀνὴρ αὐτῆς καὶ ἐκόψατο τὸν ἄνδρα αὐτῆς
- 27 **Lè seremoni lantèman yo fini, David voye chache l', li pran l' lakay li. Batcheba vin madanm li. Li fè yon pitit gason pou David. Men, sa David te fè a pa t' fè Seyè a plezi menm.**
And when the days of weeping were past, David sent for her, and took her into his house, and she became his wife and gave him a son. But the Lord was not pleased with the thing David had done.
καὶ διῆλθεν τὸ πένθος καὶ ἀπέστειλεν δαυὶδ καὶ συνήγαγεν αὐτήν εἰς τὸν οἶκόν αὐτοῦ καὶ ἐγενήθη αὐτῷ εἰς γυναῖκα καὶ ἔτεκεν αὐτῷ υἱὸν καὶ πονηρὸν ἐφάνη τὸ ῥῆμα ὃ ἐποίησεν δαυὶδ ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου

- 1 ¶ Seyè a voye pwofèt Natan kot David. Natan rive kote l', li di l' konsa: -Vwala te gen de nonm ki t'ap viv nan yon lavil. Yonn te rich, lòt la te pòn.
And the Lord sent Nathan to David. And Nathan came to him and said, There were two men in the same town: one a man of great wealth, and the other a poor man.
καὶ ἀπέστειλεν κύριος τὸν ναθαν τὸν προφήτην πρὸς δαυιδ καὶ εἰσήλθεν πρὸς αὐτὸν καὶ εἶπεν αὐτῷ δύο ἦσαν ἄνδρες ἐν πόλει μὴ εἷς πλούσιος καὶ εἷς πένης
- 2 Nonm rich la te gen mouton ak bèf an kantite.
The man of wealth had great numbers of flocks and herds;
καὶ τῷ πλουσίῳ ἦν ποίμνια καὶ βουκόλια πολλὰ σφόδρα
- 3 Pòn la menm pa t' gen pase yon sèl ti mouton li te achte. Li swen li. Se anndan lakay li ansanm ak pitit li yo ti mouton an grandi. Se nan asyèt malere a menm ti mouton an te konn manje. Se nan gode l' li bwè dlo. Se sou janm li li konn dòmi. Ti mouton an te tankou yon pitit fi pou li.
But the poor man had only one little she-lamb, which he had got and taken care of: from its birth it had been with him like one of his children; his meat was its food, and from his cup it took its drink, resting in his arms, and it was like a daughter to him.
καὶ τῷ πένητι οὐδὲν ἄλλ' ἢ ἀμνάς μία μικρά ἦν ἐκτήσατο καὶ περιποιήσατο καὶ ἐξέθρεψεν αὐτήν καὶ ἠδρύνθη μετ' αὐτοῦ καὶ μετὰ τῶν υἰῶν αὐτοῦ ἐπὶ τὸ αὐτὸ ἐκ τοῦ ἄρτου αὐτοῦ ἤσθιεν καὶ ἐκ τοῦ ποτηρίου αὐτοῦ ἔπινεν καὶ ἐν τῷ κόλπῳ αὐτοῦ ἐκάθευδεν καὶ ἦν αὐτῷ ὡς θυγάτηρ
- 4 Yon jou, yon vizitè vin rive lakay nonm rich la. Nonm rich la pa t' santi kouraj li pou l' te pran yonn nan mouton l' yo osinon nan bèf li yo pou l' fè manje bay vizitè a. Li pran ti mouton malere a, li fe manje ak li bay vizitè ki te lakay li a.
Now a traveller came to the house of the man of wealth, but he would not take anything from his flock or his herd to make a meal for the traveller who had come to him, but he took the poor man's lamb and made it ready for the man who had come.
καὶ ἦλθεν πάροδος τῷ ἀνδρὶ τῷ πλουσίῳ καὶ ἐφείσατο λαβεῖν ἐκ τῶν ποιμνίων αὐτοῦ καὶ ἐκ τῶν βουκολίων αὐτοῦ τοῦ ποιῆσαι τῷ ξένῳ ὀδοιπόρῳ ἐλθόντι πρὸς αὐτὸν καὶ ἔλαβεν τὴν ἀμνάδα τοῦ πένητος καὶ ἐποίησεν αὐτὴν τῷ ἀνδρὶ τῷ ἐλθόντι πρὸς αὐτόν
- 5 David fache anpil sou nonm rich la. Li di Natan konsa: -Mwen fè sèman nan non Seyè ki vivan an! Nonm ki fè bagay sa a merite pou yo touye l'.
And David was full of wrath against that man; and he said to Nathan, By the living Lord, death is the right punishment for the man who has done this:
καὶ ἐθυμώθη ὀργῇ δαυιδ σφόδρα τῷ ἀνδρὶ καὶ εἶπεν δαυιδ πρὸς ναθαν ζῆ κύριος ὅτι υἱὸς θανάτου ὁ ἀνὴρ ὁ ποιήσας τοῦτο
- 6 Pou l' peye bagay lèd li fè a, l'ap renmèt kat fwa lavalè sa l' te pran an, paske li san pitye.
And he will have to give back four times the value of the lamb, because he has done this and because he had no pity.
καὶ τὴν ἀμνάδα ἀποτείσει ἑπταπλασίονα ἀνθ' ὧν ὅτι ἐποίησεν τὸ ῥῆμα τοῦτο καὶ περὶ οὗ οὐκ ἐφείσατο
- 7 Le sa a, Natan di David: -Nonm sa a, se ou menm! Men mesaj Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, voye ba ou: Mwen te fè ou wa pèp Izrayèl la. Mwen sove ou anba men Sayil.
And Nathan said to David, You are that man. The Lord God of Israel says, I made you king over Israel, putting holy oil on you, and I kept you safe from the hands of Saul;
καὶ εἶπεν ναθαν πρὸς δαυιδ σὺ εἶ ὁ ἀνὴρ ὁ ποιήσας τοῦτο τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ ἐγὼ εἰμι ἔχρισά σε εἰς βασιλέα ἐπὶ ἰσραηλ καὶ ἐγὼ εἰμι ἐρρυσάμην σε ἐκ χειρὸς σου
- 8 Mwen ba ou baton kòmandman ki te nan men l' lan ansanm ak tout madanm li yo. Mwen mete ou wa pou gouvènèni ni moun Izrayèl yo, ni moun Jida yo. Si sa pa t' kont toujou, mwen ta ba ou menm de fwa lavalè ankò.
I gave you your master's daughter and your master's wives for yourself, and I gave you the daughters of Israel and Judah; and if that had not been enough, I would have given you such and such things.
καὶ ἔδωκά σοι τὸν οἶκον τοῦ κυρίου σου καὶ τὰς γυναῖκας τοῦ κυρίου σου ἐν τῷ κόλπῳ σου καὶ ἔδωκά σοι τὸν οἶκον ἰσραηλ καὶ ἰουδα καὶ εἰ μικρὸν ἐστὶν προσθήσω σοι κατὰ ταῦτα
- 9 Poukisa atò ou pa swiv lòd mwen yo? Poukisa ou fè mechanste sa a? Ou fè yo touye Ouri nan lagè, ou kite moun Amon yo touye l'. Lèfini, ou pran madanm li!
Why then have you had no respect for the word of the Lord, doing what is evil in his eyes? You have put Uriah the Hittite to death with the sword, and have taken his wife to be your wife; you have put him to death with the sword of the children of Ammon.
τί ὅτι ἐφάυλισας τὸν λόγον κυρίου τοῦ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ τὸν ουριαν τὸν χετταῖον ἐπάταξας ἐν ῥομφαίᾳ καὶ τὴν γυναῖκα αὐτοῦ ἔλαβες σεαυτῷ εἰς γυναῖκα καὶ αὐτὸν ἀπέκτεινας ἐν ῥομφαίᾳ υἰῶν αμμων
- 10 Koulye a, paske ou pa t' koute m', paske ou pran madan Ouri, moun Et la, pou madanm ou, nan fanmi ou ap toujou gen goumen.
So now the sword will never be turned away from your family; because you have had no respect for me, and have taken the wife of Uriah the Hittite to be your wife.
καὶ νῦν οὐκ ἀποστήσεται ῥομφαία ἐκ τοῦ οἴκου σου ἕως αἰῶνος ἀνθ' ὧν ὅτι ἐξουδένωσάς με καὶ ἔλαβες τὴν γυναῖκα τοῦ ουριου τοῦ χετταίου τοῦ εἶναι σοι εἰς γυναῖκα
- 11 Men sa mwen menm Seyè a, mwen di: M'ap fè yon moun nan fanmi ou menm soti pou ba ou traka. M'ap wete madanm ou yo nan men ou, m'ap bay yon moun nan fanmi ou yo. L'a kouche avèk yo devan tout moun.
The Lord says, From those of your family I will send evil against you, and before your very eyes I will take your wives and give them to your neighbour, and he will take your wives to his bed by the light of this sun.
τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐξεγειρώ ἐπὶ σὲ κακὰ ἐκ τοῦ οἴκου σου καὶ λήμψομαι τὰς γυναῖκάς σου κατ' ὀφθαλμούς σου καὶ δώσω τῷ πλησίον σου καὶ κοιμηθήσεται μετὰ τῶν γυναικῶν σου ἐναντίον τοῦ ἡλίου τοῦτου

- 12 **Ou menm, ou te fè zafè ou la an kachèt. Mwen menm, m'ap fè sa rive devan tout moun pou tout pèp Izrayèl la ka wè sa.**
You did it secretly; but I will do this thing before all Israel and in the light of the sun.
 ὅτι σὺ ἐποίησας κρυβῆ κάγω ποιήσω τὸ ῥῆμα τοῦτο ἐναντίον παντὸς Ἰσραὴλ καὶ ἀπέναντι τούτου τοῦ ἡλίου
- 13 **David di Natan konsa: -Wi, mwen rekonèt mwen peche kont Seyè a! Lè sa a Natan di l' konsa: -Bondye sèl Mèt la p'ap pini ou pou sa ou fè a, ou p'ap mourì.**
And David said to Nathan, Great is my sin against the Lord. And Nathan said to David, The Lord has put away your sin; death will not come on you.
 και ἀνέστην τὸ πρωὶ θηλάσαι τὸν υἱόν μου καὶ ἐκεῖνος ἦν τεθνηκώς καὶ ἰδοὺ κατενόησα αὐτὸν πρωὶ καὶ ἰδοὺ οὐκ ἦν ὁ υἱός μου ὃν ἔτεκον
- 22 Men lèt fanm lan di: -Non, se pa vre. Se pitit pa m' lan ki vivan. Se pa ou la ki mouri. Lè sa a, premye fanm lan reponn: -Non se pa vre. Se pitit pa m' lan ki vivan. Se pa ou la ki mouri. Se konsa yo t'ap fè kont devan wa a.
 And the other woman said, No; but the living child is my son and the dead one yours. But the first said, No; the dead child is your son and the living one mine. So they kept on talking before the king.
 και εἶπεν ἡ γυνὴ ἡ ἑτέρα οὐχὶ ἀλλὰ ὁ υἱός μου ὁ ζῶν ὁ δὲ υἱός σου ὁ τεθνηκώς καὶ ἐλάλησαν ἐνώπιον τοῦ βασιλέως
- 23 Lè sa a, wa a pran lapawòl, li di: -Sa a di se pitit li a ki vivan, ti pitit mouri a se pou lèt la. Lèt la menm di non, se pitit pa li a ki vivan, ti pitit mouri a se pou sa a.
 Then the king said, One says, The living child is my son, and yours is the dead: and the other says, Not so; but your son is the dead one and mine is the living.
 και εἶπεν ὁ βασιλεὺς αὐταῖς σὺ λέγεις οὗτος ὁ υἱός μου ὁ ζῶν καὶ ὁ υἱός ταύτης ὁ τεθνηκώς καὶ σὺ λέγεις οὐχὶ ἀλλὰ ὁ υἱός μου ὁ ζῶν καὶ ὁ υἱός σου ὁ τεθνηκώς
- 24 Wa a voye chache yon nepe. Lè yo pote nepe a li di konsa:
 Then he said, Get me a sword. So they went and put a sword before the king.
 και εἶπεν ὁ βασιλεὺς λάβετε μοι μάχαρην καὶ προσήνεγκαν τὴν μάχαρην ἐνώπιον τοῦ βασιλέως
- 25 -Koupe ti pitit vivan an mwaye mwaye, bay chak fanm yon moso.
 And the king said, Let the living child be cut in two and one half given to one woman and one to the other.
 και εἶπεν ὁ βασιλεὺς διέλετε τὸ παιδίον τὸ θηλάζον τὸ ζῶν εἰς δύο καὶ δότε τὸ ἥμισυ αὐτοῦ ταύτῃ καὶ τὸ ἥμισυ αὐτοῦ ταύτῃ
- 26 Men manman ti pitit vivan an santi zantray li ap rache pou pitit li a. Li di wa a: -Tanpri, monwa, pa touye ti pitit la. Pito ou bay madanm sa a li. Men lèt madanm lan menm di: -Ou mèt koupe l'! Li p'ap ni pou ou, ni pou mwen.
 Then the mother of the living child came forward, for her heart went out to her son, and she said, O my lord, give her the child; do not on any account put it to death. But the other woman said, It will not be mine or yours; let it be cut in two.
 και ἀπεκρίθη ἡ γυνὴ ἧς ἦν ὁ υἱός ὁ ζῶν καὶ εἶπεν πρὸς τὸν βασιλέα ὅτι ἐταράχθη ἡ μήτρα αὐτῆς ἐπὶ τῷ υἱῷ αὐτῆς καὶ εἶπεν ἐν ἐμοὶ κύριε δότε αὐτῇ τὸ παιδίον καὶ θανάτω μὴ θανατώσητε αὐτόν καὶ αὕτη εἶπεν μήτε ἐμοὶ μήτε αὐτῇ ἔστω διέλετε
- 27 Lè sa a Salomon di: -Pa touye pitit la. Renmèt li bay premye fanm lan. Se li menm ki manman ti pitit ki vivan an.
 Then the king made answer and said, Give her the child, and do not put it to death; she is the mother of it.
 και ἀπεκρίθη ὁ βασιλεὺς καὶ εἶπεν δότε τὸ παιδίον τῇ εἰπούσῃ δότε αὐτῇ αὐτὸ καὶ θανάτω μὴ θανατώσητε αὐτόν αὕτη ἡ μήτηρ αὐτοῦ
- 28 Lè pèp Izrayèl la tandè jan Salomon te regle kont lan, yo vin gen anpil respè pou li, paske yo te wè se Bondye menm ki te ba li bon konprann sa a pou regle tout bagay san patipri.
 And news of this decision which the king had made went through all Israel; and they had fear of the king, for they saw that the wisdom of God was in him to give decisions.
 και ἤκουσαν πᾶς ἰσραὴλ τὸ κρίμα τοῦτο ὃ ἔκρινεν ὁ βασιλεὺς καὶ ἐφοβήθησαν ἀπὸ προσώπου τοῦ βασιλέως ὅτι εἶδον ὅτι φρόνησις θεοῦ ἐν αὐτῷ τοῦ ποιεῖν δίκαιωμα
- 1 ¶ Salomon te wa sou tout pèp Izrayèl la nèt.
 Now Solomon was king over all Israel.
 και ἦν ὁ βασιλεὺς σαλωμων βασιλεύων ἐπὶ ἰσραὴλ
- 2 Men non chèf ki te nan gouvènman li an: Azarya, pitit Zadòk, te prèt la.
 And these were his chief men: Azariah, the son of Zadok, was the priest;
 και οὗτοι οἱ ἄρχοντες οἱ ἦσαν αὐτοῦ αζαριου υἱός σαδοκ
- 3 Elikorèf ak Akija, pitit gason Chicha yo, te sekretè palè a. Jozafa, pitit Ayiloud, te reskonsab achiv wa a.
 Elihoreph and Ahijah, the sons of Shisha, were scribes; Jehoshaphat, the son of Ahilud, was the recorder;
 και ἐλιαρεφ καὶ αχια υἱός σαβα γραμματεῖς καὶ ιωσαφατ υἱός αχιλιδ ὑπομνησκων
- 4 Benaja, pitit gason Jeojada, te kòmandan tout lame a. Zadòk ak Abyata te prèt.
 Benaiah, the son of Jehoiada, was head of the army; Zadok and Abiathar were priests;
 και σαδουχ καὶ αβιαθαρ ἱερεῖς
- 5 Azarya, pitit gason Natan, te chèf tout gouvènè yo. Zaboud, pitit gason Natan, prèt la, te konseye pèsònèl wa a.
 Azariah, the son of Nathan, was over those in authority in the different divisions of the country; Zabud, the son of Nathan, was priest and the king's friend;
 και ὄρνια υἱός ναθαν ἐπὶ τῶν καθεσταμένων καὶ ζαβουθ υἱός ναθαν ἑταῖρος τοῦ βασιλέως

- 6 Ayicha te chèf kanbiz palè a. Adoniram, pitit gason Abda, te reskonsab travay kòve yo.
Ahishar was controller of the king's house; Adoniram, the son of Abda, was overseer of the forced work.
 και αχιηλ οικονόμος και ελιαβ υιός σαφ επί τής πατριῆς και αδωνιραμ υιός εφρα επί τῶν φόρων
- 7 Salomon te chwazi douz gouvènè pou tout peyi a. Travay yo se te ranmase manje nan zòn sou reskonsablite yo pou wa a ak tout moun lakay li yo, yo chak pandan yon mwana nan lane a.
And Solomon put twelve overseers over all Israel, to be responsible for the stores needed for the king and those of his house; every man was responsible for one month in the year.
 και τῷ σαλωμων δώδεκα καθεσταμένοι επί πάντα ισραηλ χορηγεῖν τῷ βασιλεῖ και τῷ οἴκῳ αὐτοῦ μήνα ἐν τῷ ἐνιαυτῷ ἐγίνετο επί τὸν ἕνα χορηγεῖν
- 8 Men non douz gouvènè yo ak zòn sou reskonsablite yo chak: Bennour, pou zòn mòn Efrayim yo,
And these are their names: ... the son of Hur in the hill country of Ephraim;
 και ταῦτα τὰ ὀνόματα αὐτῶν βενωρ ἐν ὄρει εφραιμ εἶς
- 9 Benndeke, pou zòn lavil Makaz, lavil Chalbim, lavil Bèt-Chemèch, lavil Elon ak lavil Bèt anan.
... the son of Deker in Makaz and Shaalbim and Beth-shemesh and Elonbeth-hanan;
 υιός ρηχαβ ἐν μαχεμας και βηθαλαμιν και βαιθσαμυς και αιλων ἕως βαιθαναν εἶς
- 10 Bennesèd, pou zòn lavil Awoubòt, lavil Soko ak tout peyi Efè a.
... the son of Heseb in Arubboth; Socoh and all the land of Hopher were under his control;
 υιός εσωθ βηρβηθνεμα λουσαμηγχα και ρησφαρα
- 11 Bennabinadab, ki te marye ak Tafat, pitit fi Salomon an, pou tout zòn Dò a.
... the son of Abinadab in all Naphath-dor; his wife was Taphath, the daughter of Solomon.
 χιναδαβ και αναφαθι ἀνὴρ ταβληθ θυγάτηρ σαλωμων ἦν αὐτῷ εἰς γυναῖκα εἶς
- 12 Bana, pitit gason Akiloud, pou zòn lavil Tanak, lavil Megido, pou tout zòn bò lavil Bèt-Chean toupre lavil Zaretan, sou bò sid lavil Jizreyèl la rive lavil Abèl Meola ak lavil Jokmeyam.
Baana, the son of Ahilud, in Taanach and Megiddo, and all Beth-shean which is by the side of Zarethan, under Jezreel, from Beth-shean to Abel-meholah, as far as the far side of Jokmeam;
 βακχα υιός αχιλιδ θαναχ και μεκεδω και πᾶς ὁ οἶκος σαν ὁ παρὰ σεσαθαν ὑποκάτω τοῦ εσραε και ἐκ βαισαφουδ εβελμαωλα ἕως μαεβερ λουκαμ εἶς
- 13 Benngèbè, pou lavil Ramòt nan peyi Galarad, ak tout ti bouk nan peyi Galarad la ki pou branch fanmi Jayi, pitit Manase, ak tout zòn Agòb nan peyi Bazan. Antou swasant gwo lavil fèmen dèyè gwo miray ranpa ak gwo pòtay bare ak potò kwiv.
... the son of Geber in Ramoth-gilead; he had the towns of Jair, the son of Manasseh, which are in Gilead, and the country of Argob, which is in Bashan, sixty great towns with walls and locks of brass.
 υιός γαβερ ἐν ρεμαθ γαλααδ τούτῳ σχοίνισμα ερεγαβα ἦ ἐν τῇ βασαν ἐξήκοντα πόλεις μεγάλαι τειχήρεις και μοχλοὶ χαλκοῖ εἶς
- 14 Akinadad, pitit gason Ido, pou zòn Manayim.
Ahinadab, the son of Iddo, in Mahanaim;
 αχιναδαβ υιός αχελ μασανιν εἶς
- 15 Akimaz, ki te marye ak Basmat, yonn nan pitit Salomon yo, pou zòn Neftali a.
Ahimaaz in Naphtali; he took Basemath, the daughter of Solomon, as his wife;
 αχιμαζ ἐν νεφθαλι και οὗτος ἔλαβεν τὴν βασεμαθ θυγατέρα σαλωμων εἰς γυναῖκα εἶς
- 16 Bana, pitit gason Ouchayi, pou zòn Asè a ak lavil Bealòt.
Baana, the son of Hushai, in Asher and Aloth;
 βαανα υιός χουσι ἐν τῇ μααλαθ εἶς
- 17 Jozafa, pitit gason Pawouk, pou zòn Isaka a.
Jehoshaphat, the son of Paruah, in Issachar;
 σαμαα υιός ηλα ἐν τῷ βενιαμιν
- 18 Chimeyi, pitit gason Ela, pou zòn Benjamin an.
Shimei, the son of Ela, in Benjamin;
 γαβερ υιός αδαι ἐν τῇ γῆ γαδ γῆ σηων βασιλέως τοῦ εσεβων και ωγ βασιλέως τοῦ βασαν και νασιφ εἶς ἐν γῆ ἰουδα

- 19 Gebè, pitit gason Ouri, pou zòn Galarad, ansyen peyi Siyon, wa moun Amon yo ak Og, wa peyi Bazan an. Te gen yon gouvènè jeneral tou pou tout peyi a.
Geber, the son of Uri, in the land of Gilead, the country of Sihon, king of the Amorites, and Og, king of Bashan; and one overseer had authority over all the overseers who were in the land.
ισαφατ υἱὸς φουασουδ ἐν ισαχαρ
- 1 ¶ Iram, wa peyi Tir, te toujou yon bon zanmi wa David. Lè li vin konnen se Salomon ki te vin moute wa nan plas David, papa l', li voye kèk chèf bò kote l'.
Now Hiram, king of Tyre, hearing that Solomon had been made king in place of his father, sent his servants to him; for Hiram had ever been a friend to David.
καὶ ἐχορήγουν οἱ καθισταμένοι οὕτως τῷ βασιλεῖ σαλωμων καὶ πάντα τὰ διαγγέλματα ἐπὶ τὴν τράπεζαν τοῦ βασιλέως ἕκαστος μῆνα αὐτοῦ οὐ παραλλάσσουν λόγον καὶ τὰς κριθὰς καὶ τὸ ἄχυρον τοῖς ἵπποις καὶ τοῖς ἄρμυσις ἦρον εἰς τὸν τόπον οὗ ἂν ἦ ὁ βασιλεὺς ἕκαστος κατὰ τὴν σύνταξιν αὐτοῦ
- 2 Salomon ba yo mesaj sa a pou yo pote bay Iram:
And Solomon sent back word to Hiram, saying,
καὶ ταῦτα τὰ δέοντα τῷ σαλωμων ἐν ἡμέρᾳ μιᾷ τριάκοντα κόροι σεμιδάλεως καὶ ἐξήκοντα κόροι ἀλεύρου κεκοπανισμένου
- 3 -Ou konnen ak lagè David, papa m', te genyen ak peyi ki toupre l' yo, li pa t' kapab bati yon kay kote pou yo adore Seyè a, Bondye li a, toutotan Seyè a pa t' fè l' kraze lènmi l' yo anba pye l'.
You have knowledge that David my father was not able to make a house for the name of the Lord his God, because of the wars which were round him on every side, till the Lord put all those who were against him under his feet.
καὶ δέκα μόσχοι ἐκλεκτοὶ καὶ εἴκοσι βόες νομάδες καὶ ἑκατὸν πρόβατα ἐκτὸς ἐλάφων καὶ δορκάδων καὶ ὀρνίθων ἐκλεκτῶν σιτευτά
- 4 Men koulye a, Seyè a, Bondye mwen an, ban m' lapè sou tout fwontye yo. Mwen pa gen moun pou chache m' kont, ni moun pou fè m' move kou.
But now the Lord my God has given me rest on every side; no one is making trouble, and no evil is taking place.
ὅτι ἦν ἄρχων πέραν τοῦ ποταμοῦ καὶ ἦν αὐτῷ εἰρήνη ἐκ πάντων τῶν μερῶν κυκλόθεν
- 9 Moun pa m' yo va pote madriye yo desann soti peyi Liban jouk bò lanmè. Lè y'a rive la, m'a fè yo mare madriye yo fè rado, y'a pouse yo sou lanmè a rive jouk kote w'a chwazi sou kòt la. Rive la, moun pa m' yo va demare madriye yo. Lè sa a, w'a fè moun pa ou yo fè rès travay la. Ou menm, w'a ban m' pwovizyon pou moun pa m' yo.
My men will take them down from Lebanon to the sea, where I will have them corded together to go by sea to whatever place you say, and I will have them cut up there so that you may take them away; as for payment, it will be enough if you give me food for my people.
καὶ ἔδωκεν κύριος φρόνησιν τῷ σαλωμων καὶ σοφίαν πολλήν σφόδρα καὶ χύμα καρδίας ὡς ἡ ἄμμος ἢ παρὰ τὴν θάλασσαν
- 10 ¶ Se konsa Iram bay Salomon tout madriye sèd ak madriye pichpen li te bezwen.
So Hiram gave Solomon all the cedar-wood and cypress-wood he had need of;
καὶ ἐπληθύνθη σαλωμων σφόδρα ὑπὲρ τὴν φρόνησιν πάντων ἀρχαίων ἀνθρώπων καὶ ὑπὲρ πάντας φρονίμους αἰγύπτου
- 11 Salomon menm, bò pa l', bay Iram sanmil (100.000) barik ble ak sandimil (110.000) galon lwil oliv chak lanne pou l' bay moun li yo manje.
And Solomon gave Hiram twenty thousand measures of grain, as food for his people, and twenty measures of clear oil; this he did every year.
καὶ ἐσοφίσατο ὑπὲρ πάντας τοὺς ἀνθρώπους καὶ ἐσοφίσατο ὑπὲρ γαιθαν τὸν εἰραίτην καὶ τὸν αἰμαν καὶ τὸν χαλκαὶ καὶ δαρδα υἱοὺς μαλ
- 12 Seyè a kenbe pwomès li. Li bay Salomon anpil bon konprann. Te gen bon antann ant Iram ak Salomon. Yo siyen yon kontra yonn ak lòt.
Now the Lord had given Solomon wisdom, as he had said to him; and there was peace between Hiram and Solomon, and they made an agreement together.
καὶ ἐλάλησεν σαλωμων τρισχιλίας παραβολάς καὶ ἦσαν φῶδαι αὐτοῦ πεντακισχίλια
- 13 wa Salomon fè ranmase trantmil (30.000) moun nan tout peyi Izrayèl la pou fè kòve.
Then King Solomon got together men for the forced work through all Israel, thirty thousand men in number;
καὶ ἐλάλησεν περὶ τῶν ξύλων ἀπὸ τῆς κέδρου τῆς ἐν τῷ λιβάνῳ καὶ ἕως τῆς ὑσσώπου τῆς ἐκπορευομένης διὰ τοῦ τοίχου καὶ ἐλάλησεν περὶ τῶν κτηνῶν καὶ περὶ τῶν πετεινῶν καὶ περὶ τῶν ἐρπετῶν καὶ περὶ τῶν ἰχθύων
- 14 Li te mete Adoniram reskonsab kòve a. Li separe mesye yo fè twa gwoup, ak dimil (10.000) moun nan chak. Chak gwoup pase yon mwa nan peyi Liban, de mwa lakay yo. Chak fwa yon gwoup tounen, yon lòt al pran plas li.
And sent them to Lebanon in bands of ten thousand every month: for a month they were working in Lebanon and for two months in their country, and Adoniram was in control of them.
καὶ παρεγίνοντο πάντες οἱ λαοὶ ἀκοῦσαι τῆς σοφίας σαλωμων καὶ ἐλάμβανεν δῶρα παρὰ πάντων τῶν βασιλέων τῆς γῆς ὅσοι ἤκουον τῆς σοφίας αὐτοῦ [14a] καὶ ἔλαβεν σαλωμων τὴν θυγατέρα φαραῶ ἐκ αὐτῶ εἰς γυναῖκα καὶ εἰσήγαγεν αὐτὴν εἰς τὴν πόλιν δαυὶδ ἕως συντελέσαι αὐτὸν τὸν οἶκον κυρίου καὶ τὸν οἶκον ἑαυτοῦ καὶ τὸ τεῖχος ἱερουσαλημ [14β] τότε ἀνέβη φαραῶ βασιλεὺς αἰγύπτου καὶ προκατελάβετο τὴν γαζερ καὶ ἐνεπύρισεν αὐτὴν καὶ τὸν χανανίτην τὸν κατοικοῦντα ἐν μερῶν βαὶ ἔδωκεν αὐτὰς φαραῶ ἀποστολὰς θυγατρὶ αὐτοῦ γυναικὶ σαλωμων καὶ σαλωμων ὤκοδόμησεν τὴν γαζερ
- 15 Salomon te gen katrevenmil (80.000) moun ap taye wòch nan min wòch, ak swasandimil (70.000) moun pou pote yo lavil Jerizalèm,
Then he had seventy thousand for the work of transport, and eighty thousand stone-cutters in the mountains;
καὶ ἀπέστειλεν χιραμ βασιλεὺς τύρου τοὺς παῖδας αὐτοῦ χρῖσαι τὸν σαλωμων ἀντὶ δαυὶδ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ὅτι ἀγαπῶν ἦν χιραμ τὸν δαυὶδ πάσας τὰς ἡμέρας

- 16 san konte twamil twasan (3.300) fòmann gouvènè yo te nonmen alatèt mesye sa yo pou kontwole travay yo.
In addition to the chiefs of the responsible men put by Solomon to oversee the work, three thousand and three hundred in authority over the workmen.
καὶ ἀπέστειλεν σαλωμων πρὸς χιραμ λέγων
- 17 Wa Salomon te bay lòd pou yo taye kèk gwo blòk nan bèl wòch pou sèvi fondasyon kay la.
By the king's orders great stones, stones of high price, were cut out, so that the base of the house might be made of squared stone.
σὺ οἶδας δαυιδ τὸν πατέρα μου ὅτι οὐκ ἐδόνατο οἰκοδομῆσαι οἶκον τῷ ὀνόματι κυρίου θεοῦ μου ἀπὸ προσώπου τῶν πολέμων τῶν κυκλωσάντων αὐτὸν ἕως τοῦ δοῦναι κύριον αὐτοῦς ὑπὸ τὰ ἴχνη τῶν ποδῶν αὐτοῦ
- 18 Se konsa bès mason Salomon yo ak bès mason Iram yo ansanm ak mesye lavil Gebal yo te pare blòk wòch ak bwa pou bati Tanp lan.
Solomon's builders and Hiram's builders did the work of cutting them, and put edges on them, and got the wood and the stone ready for the building of the house.
καὶ νῦν ἀνέπαυσε κύριος ὁ θεὸς μου ἐμοὶ κυκλόθεν οὐκ ἔστιν ἐπίβουλος καὶ οὐκ ἔστιν ἀπάντημα πονηρόν
- 1 ¶ Lè sa a te gen katsankatreven (480) lanne depi pèp Izrayèl la te sofite kite peyi Lejip, Salomon te gen katran depi li t'ap gouvènen pèp Izrayèl la. Nan mwa Ziv la, ki dezyèm mwa nan kalandriye jwif yo, Salomon mete men nan bati kay Seyè a.
In the four hundred and eightieth year after the children of Israel came out of the land of Egypt, in the fourth year that Solomon was king of Israel, in the month Ziv, which is the second month, the building of the Lord's house was started.
καὶ ἐγενήθη ἐν τῷ τεσσαρακοστῷ καὶ τετρακοσιοστῷ ἔτει τῆς ἐξόδου υἱῶν ἰσραηλ ἐξ αἰγύπτου τῷ ἔτει τῷ τετάρτῳ ἐν μηνὶ τῷ δευτέρῳ βασιλεύοντος τοῦ βασιλέως σαλωμων ἐπὶ ἰσραηλ [1α] καὶ ἔντε εἰλατο ὁ βασιλεὺς καὶ αἴρουσιν λίθους μεγάλους τιμίους εἰς τὸν θεμέλιον τοῦ οἴκου καὶ λίθους ἀπελεκήτους [1β] καὶ ἐπελέκησαν οἱ υἱοὶ σαλωμων καὶ οἱ υἱοὶ χιραμ καὶ ἔβαλαν αὐτούς [1ξ] ἐν τῷ ἔτει τῷ τετάρτῳ ἔθεμελίωσεν τὸν οἶκον κυρίου ἐν μηνὶ νισω τῷ δευτέρῳ μηνὶ [1δ] ἐν ἑνδεκάτῳ ἑνιαυτῷ ἐν μηνὶ βααλ οὗτος ὁ μῆν ὁ ὄγδοος συνετελέσθη ὁ οἶκος εἰς πάντα λόγον αὐτοῦ καὶ εἰς πᾶσαν διάταξιν αὐτοῦ
- 2 Kay wa Salomon bati pou Seyè a te gen katrevendis pye longè, trant pye lajè ak karantsenk pye wotè.
The house which Solomon made for the Lord was sixty cubits long, twenty cubits wide and thirty cubits high.
καὶ ὁ οἶκος ὃν ᾠκοδόμησεν ὁ βασιλεὺς σαλωμων τῷ κυρίῳ τεσσαράκοντα πήχεων μήκος αὐτοῦ καὶ εἴκοσι ἐν πήχει πλάτος αὐτοῦ καὶ πέντε καὶ εἴκοσι ἐν πήχει τὸ ὕψος αὐτοῦ
- 3 Premye pyès devan an te gen kenz pye longè, trant pye lajè. Li te menm lajè ak kay la.
The covered way before the Temple of the house was twenty cubits long, as wide as the house, and ten cubits wide in front of the house.
καὶ τὸ αἶλαμ κατὰ πρόσωπον τοῦ ναοῦ εἴκοσι ἐν πήχει μήκος αὐτοῦ εἰς τὸ πλάτος τοῦ οἴκου καὶ δέκα ἐν πήχει τὸ πλάτος αὐτοῦ κατὰ πρόσωπον τοῦ οἴκου καὶ ᾠκοδόμησεν τὸν οἶκον καὶ συνετέλεσεν αὐτόν
- 4 Miray tanp lan te gen fennèt ak griyaj bare yo.
And for the house he made windows, with network across.
καὶ ἐποίησεν τῷ οἴκῳ θυρίδας παρακυπτομένας κρυπτάς
- 5 Kole kole ak miray yo, sou de sou kote yo ak sou dèyè Tanp lan ak pyès dèyè a, li fè bati twa ran pyès, yonn sou lòt. Chak etaj te gen sèt pye edmi wotè.
And against the walls all round, and against the walls of the Temple and of the inmost room, he put up wings, with side rooms all round:
καὶ ἔδωκεν ἐπὶ τὸν τοίχον τοῦ οἴκου μέλαθρα κυκλόθεν τῷ ναφ καὶ τῷ δαβιρ καὶ ἐποίησεν πλευράς κυκλόθεν
- 6 Chak pyès nan dènne etaj anba a te gen sèt pye edmi lajè. Pyès nan etaj mitan an te gen nèf pye lajè ak pyès nan etaj anwo nèt la te gen dis pye edmi. Miray tanp lan menm te pi laj anba pase anwo.
Konsa, gwo travès plafon yo te chita sou miray yo san yo pa t' bezwen fouye twou ladan yo.
The lowest line of them being five cubits wide, the middle six cubits wide and the third seven cubits; for there was a space all round the outside walls of the house so that the boards supporting the rooms did not have to be fixed in the walls of the house.
ἡ πλευρὰ ἢ ὑποκάτω πέντε πήχεων τὸ πλάτος αὐτῆς καὶ τὸ μέσον ἕξ καὶ ἡ τρίτη ἑπτὰ ἐν πήχει τὸ πλάτος αὐτῆς ὅτι διάστημα ἔδωκεν τῷ οἴκῳ κυκλόθεν ἔξωθεν τοῦ οἴκου ὅπως μὴ ἐπιλαμβάνονται τὸν τοίχον τοῦ οἴκου
- 7 Wòch yo te sèvi pou bati Tanp lan te pare depi nan min wòch kote yo te jwenn yo a. Konsa, pandan yo t'ap bati Tanp lan pa t' gen ankenn bri mato, bri sizo, ni bri ankenn zouti fè.
(And the stones used in the building of the house were squared at the place where they were cut out; there was no sound of hammer or axe or any iron instrument while they were building the house.)
καὶ ὁ οἶκος ἐν τῷ οἰκοδομῆσθαι αὐτὸν λίθους ἀκροτόμοις ἀργοῖς ᾠκοδομήθη καὶ σφῦρα καὶ πέλεκυς καὶ πᾶν σκεῦος σιδηροῦν οὐκ ἠκούσθη ἐν τῷ οἴκῳ ἐν τῷ οἰκοδομῆσθαι αὐτόν
- 8 Pòt pou antre nan premye chanm anba yo te bay sou bò sid Tanp lan. Te gen eskalye pou moute nan premye ak nan dezyèm etaj yo.
The door to the lowest side rooms was in the right side of the house; and they went up by twisting steps into the middle rooms, and from the middle into the third.
καὶ ὁ πυλὼν τῆς πλευρᾶς τῆς ὑποκάτωθεν ὑπὸ τὴν ὀμίαν τοῦ οἴκου τὴν δεξιάν καὶ ἑλικτὴ ἀνάβασις εἰς τὸ μέσον καὶ ἐκ τῆς μέσης ἐπὶ τὰ τρίωροφα

- 9 Lè Salomon fin bati Tanp lan, li mete yon plafon fèt ak travès ak planch sèd.
So he put up the house and made it complete, roofing it with boards of cedar-wood.
καὶ ὠκοδόμησεν τὸν οἶκον καὶ συνετέλεσεν αὐτόν καὶ ἐκοιλοστάθμησεν τὸν οἶκον κέδροις
- 10 Li bati pyès chanm yo tout arebò tanp lan. Chak etaj te gen sèt pye edmi wotè. Yo te kole kole ak miray kay la. Yo te mare sou miray la ak travès sèd.
And he put up the line of side rooms against the walls of the house, fifteen cubits high, resting against the house on boards of cedar-wood.
καὶ ὠκοδόμησεν τοὺς ἐνδέσμους δι' ὅλου τοῦ οἴκου πέντε ἐν πῆχει τὸ ὕψος αὐτοῦ καὶ συνέσχεν τὸν ἐνδεσμον ἐν ξύλοις κεδρίνοις
- 15 ¶ Tout miray yo te plake sou anndan ak planch sèd depi planche a rive nan plafon an. Planche a te fèt ak bwa pichpen.
The walls of the house were covered inside with cedar-wood boards; from the floor to the roof of the house they were covered inside with wood; and the floor was covered with boards of cypress-wood.
καὶ ὠκοδόμησεν τοὺς τοίχους τοῦ οἴκου διὰ ξύλων κεδρίνων ἀπὸ τοῦ ἐδάφους τοῦ οἴκου καὶ ἕως τῶν δοκῶν καὶ ἕως τῶν τοίχων ἐκοιλοστάθμησεν συνεχόμενα ξύλοις ἔσωθεν καὶ περιέσχεν τὸ ἔσω τοῦ οἴκου ἐν πλευραῖς πευκίνας
- 16 Li bati sou dèyè tanp lan yon gwo pyès li rele Pyès ki apa nèt pou Seyè a. Pyès la te gen trant pye longè. Panno pyès la fèt ak planch sèd ki soti depi atè rive nan plafon an.
And at the back of the house a further space of twenty cubits was shut in with boards of cedar-wood, for the inmost room.
καὶ ὠκοδόμησεν τοὺς εἴκοσι πῆχεις ἀπ' ἄκρου τοῦ οἴκου τὸ πλευρὸν τὸ ἐν ἀπὸ τοῦ ἐδάφους ἕως τῶν δοκῶν καὶ ἐποίησεν ἐκ τοῦ δαβιρ εἰς τὸ ἅγιον τῶν ἁγίων
- 17 Pati tanp lan ki te devan pyès ki apa nèt pou Seyè a te gen swasant pye longè.
And the house, that is, the Temple, in front of the holy place was forty cubits long.
καὶ τεσσαράκοντα πηχῶν ἦν ὁ ναὸς κατὰ πρόσωπον
- 19 Anndan Tanp lan, sou dèyè, li bati yon pyès apa pou Seyè a. Se la yo te mete Bwat Kontra Seyè a.
And he made ready an inmost room in the middle of the house, in which to put the ark of the agreement of the Lord.
τοῦ δαβιρ ἐν μέσῳ τοῦ οἴκου ἔσωθεν δοῦναι ἐκεῖ τὴν κιβωτὸν διαθήκης κυρίου
- 20 Pyès la te gen trant pye longè, trant pye lajè ak trant pye wotè. Li te kouvri nèt ak lò. Sou devan pyès la yo bati yon lotèl ak bwa sèd, lèfini yo te kouvri li nèt ak lò.
And the inmost room was twenty cubits square and twenty cubits high, plated over with clear gold, and he made an altar of cedar-wood, plating it with gold.
εἴκοσι πῆχεις μῆκος καὶ εἴκοσι πῆχεις πλάτος καὶ εἴκοσι πῆχεις τὸ ὕψος αὐτοῦ καὶ περιέσχεν αὐτὸν χρυσίῳ συγκεκλεισμένῳ καὶ ἐποίησεν θυσιαστήριον
- 21 Tout miray anndan tanp lan te kouvri ak lò. Pyès apa nèt pou Seyè a te kouvri ak lò tou. Yo fè chenn lò pou fèmen pòt pyès ki apa pou Seyè a.
Solomon had all the inside of the house covered with gold, and he put chains of gold across in front of the inmost room, which itself was covered with gold.
κατὰ πρόσωπον τοῦ δαβιρ καὶ περιέσχεν αὐτὸ χρυσίῳ
- 22 Konsa, tout anndan Tanp lan nèt ansanm ak lotèl ki te devan pyès ki apa pou Seyè a te kouvri nèt ak lò.
Plates of gold were put all through the house till it was covered completely (and the altar in the inmost room was all covered with gold).
καὶ ὅλον τὸν οἶκον περιέσχεν χρυσίῳ ἕως συντελείας παντὸς τοῦ οἴκου
- 23 Apre sa, li fè fè de estati zanj cheriben yo an bwa oliv pou pyès ki apa nèt pou Seyè a. Chak estati te gen kenz pye wotè.
In the inmost room he made two winged beings of olive-wood, ten cubits high;
καὶ ἐποίησεν ἐν τῷ δαβιρ δύο χερουβιν δέκα πῆχεων μέγεθος ἐσταθμωμένον
- 24 Chak zèl te mezire sèt pye edmi longè. Konsa, depi pwent yon zèl rive nan pwent lòt zèl la te gen kenz pye.
With outstretched wings five cubits wide; the distance from the edge of one wing to the edge of the other was ten cubits.
καὶ πέντε πῆχεων περὺγιον τοῦ χερουβ τοῦ ἐνὸς καὶ πέντε πῆχεων περὺγιον αὐτοῦ τὸ δεῦτερον ἐν πῆχει δέκα ἀπὸ μέρους περὺγίου αὐτοῦ εἰς μέρος περὺγίου αὐτοῦ
- 25 Tou de estati yo te gen menm fòm, menm gwosè.
The two winged ones were ten cubits high, of the same size and form.
οὕτως τῷ χερουβ τῷ δευτέρῳ ἐν μέτρῳ ἐνὶ συντέλεια μία ἀμφοτέρους
- 26 Tou de te menm wotè, yo te gen kenz pye wotè.
The two of them were ten cubits high.
καὶ τὸ ὕψος τοῦ χερουβ τοῦ ἐνὸς δέκα ἐν πῆχει καὶ οὕτως τὸ χερουβ τὸ δεῦτερον

- 27 Salomon fè mete de estati yo anndan pyès ki apa pou Seyè a, kòtakòt, ak zèl yo louvri pou pwent zèl anndan yo touche yonn ak lòt nan mitan pyès la, de pwent zèl deyò yo touche ak de miray sou kote yo.
These were placed inside the inner house, their outstretched wings touching the walls of the house, one touching one wall and one the other, while their other wings were touching in the middle.
 και ἀμφοτέρα τὰ χερουβιν ἐν μέσῳ τοῦ οἴκου τοῦ ἐσωτάτου και διεπέτασεν τὰς πτέρυγας αὐτῶν και ἤπτετο πτέρυξ μία τοῦ τοίχου και πτέρυξ ἤπτετο τοῦ τοίχου τοῦ δευτέρου και αἱ πτέρυγες αὐτῶν αἱ ἐν μέσῳ τοῦ οἴκου ἤπτοντο πτέρυξ πτέρυγος
- 28 De estati ak zèl yo te kouvri nèt ak lò.
These winged ones were plated over with gold.
 και περιέσχεν τὰ χερουβιν χρυσίῳ
- 29 Sou tout miray anndan tanp lan te gen pòtre zanj cheriben, pòtre pye palmis ak pòtre flè yo te travay nan bwa a.
And all the walls of the house inside and out were ornamented with forms of winged ones and palm-trees and open flowers.
 και πάντας τοὺς τοίχους τοῦ οἴκου κύκλῳ ἐγκολαπτὰ ἔγραψεν γραφίδι χερουβιν και φοίνικες τῷ ἐσωτέρῳ και τῷ ἐξωτέρῳ
- 30 Menm planche a te kouvri ak lò anndan kou deyò.
And the floor of the house was covered with gold, inside and out.
 και τὸ ἔδαφος τοῦ οἴκου περιέσχεν χρυσίῳ τοῦ ἐσωτάτου και τοῦ ἐξωτάτου
- 31 Salomon fè mete yon pòt de batan fèt ak bwa oliv pou fèmen pyès apa pou Seyè a. Lento pòt la ak de montan yo te pran yon senkyèm nan ouvèti pòt la.
For the way into the inmost room he made doors of olive-wood, the arch and the door supports forming a five-sided opening.
 και τῷ θυρώματι τοῦ δαβριρ ἐποίησεν θύρας ξύλων ἀρκευθίνων και φλιάς πενταπλᾶς
- 32 Batan pòt yo te dekore ak pòtre zanj cheriben, pye palmis ak flè yo te travay nan bwa a. Tout pòt la ansanm ak pòtre yo te kouvri nèt ak lò.
On the olive-wood doors were cut designs of winged ones and palm-trees and open flowers, all of them, with the doors, plated with gold.
 και δύο θύρας ξύλων πευκίνων και ἐγκολαπτὰ ἐπ' αὐτῶν ἐγκεκολλημένα χερουβιν και φοίνικας και πέταλα διαπεπετασμένα και περιέσχεν χρυσίῳ και κατέβαιναν ἐπὶ τὰ χερουβιν και ἐπὶ τοὺς φοίνικας τὸ χρυσίον
- 33 Pòt pyès mitan Tanp lan te gen yon ankadreman fèt ak bwa oliv ki te pran yon ka nan ouvèti pòt la.
Then he made pillars of olive-wood for the way into the Temple; the pillars were square:
 και οὕτως ἐποίησεν τῷ πυλῶνι τοῦ ναοῦ φλιαὶ ξύλων ἀρκευθίνων στοαὶ τετραπλῶς
- 34 Pòt la menm te fèt an pichpen. Li te gen kat batan, de batan chak bò ki ka fèmen yonn sou lòt.
And two folding doors of cypress-wood, with two leaves.
 και ἐν ἀμφοτέραις ταῖς θύραις ξύλα πευκίνα δύο πτυχαὶ ἢ θύρα ἢ μία και στροφεῖς αὐτῶν και δύο πτυχαὶ ἢ θύρα ἢ δευτέρα στρεφόμενα
- 35 Batan pòt yo te dekore ak pòtre zanj cheriben, pye palmis ak flè yo te travay sou bwa a. Tout pòt la ansanm ak pòtre yo te kouvri nèt ak lò.
These were ornamented with designs of winged ones and palm-trees and open flowers, plated over with gold.
 ἐγκεκολλημένα χερουβιν και φοίνικες και διαπεπετασμένα πέταλα και περιεχόμενα χρυσίῳ καταγομένῳ ἐπὶ τὴν ἐκτύπωσιν
- 36 Li fè bati yon lakou fèmen devan Tanp lan. Miray lakou a te fèt ak yon ranje madriye sèd pou chak twa ranje wòch yonn sou lòt.
And the inner space was walled with three lines of squared stones and a line of cedar-wood boards.
 και ᾠκοδόμησεν τὴν αὐλὴν τὴν ἐσωτάτην τρεῖς στίχους ἀπελεκτήτων και στίχος κατεργασμένης κέδρου κυκλόθεν [36a] και ᾠκοδόμησε καταπέτασμα τῆς αὐλῆς τοῦ αἴλου τοῦ οἴκου τοῦ κατὰ πρόσωπον τοῦ ναοῦ
- 1 ¶ Salomon te bati yon palè pou li menm tou. Li pran trèzan pou l' fini l'.
Solomon was thirteen years building a house for himself till it was complete.
 και ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς σαλωμων και ἔλαβεν τὸν χιραμ ἐκ τύρου
- 2 Li bati yon kay yo rele Rakhwa peyi Liban an. Li te gen sansenkant (150) pye longè, swasannkenz pye lajè ak karannsenk pye wotè. Li te gen kat ranje gwo potò bwa sèd. Chak ranje te gen kenk potò ak gwo travès sèd chita sou tèt potò yo.
And he made the house of the Woods of Lebanon, which was a hundred cubits long and fifty cubits wide and thirty cubits high, resting on four lines of cedar-wood pillars with cedar-wood supports on the pillars.
 οὐδὲν γυναικὸς χήρας και οὗτος ἀπὸ τῆς φυλῆς νεφθαλι και ὁ πατὴρ αὐτοῦ ἀνὴρ τύριος τέκτων χαλκοῦ και πεπληρωμένος τῆς τέχνης και συνέσεως και ἐπιγνώσεως τοῦ ποιεῖν πᾶν ἔργον ἐν χαλκῷ και ἐ ἰσὴχθη πρὸς τὸν βασιλεῦσα σαλωμων και ἐποίησεν πάντα τὰ ἔργα

- 3 Plafon an te fèt an planch sèd. Li te kloure sou karannsenk travès ki te chita sou tèt potò yo.
And it was covered with cedar over the forty-five supports which were on the pillars, fifteen in a line.
 και έχώνευσεν τοὺς δύο στύλους τῷ αἰλαμ τοῦ οἴκου ὀκτώκαίδεκα πῆχεις ὕψος τοῦ στύλου και περίμετρον τέσσαρες και δέκα πῆχεις ἐκύκλου αὐτόν και τὸ πάχος τοῦ στύλου τεσσάρων δακτύλων τὰ κοιλώματα και οὕτως ὁ στῦλος ὁ δεύτερος
- 4 Nan de miray sou kote yo, te gen twa ranje fennèt. Fennèt yo te bay yonn sou lòt.
There were three lines of window-frames, window facing window in every line.
 και δύο ἐπιθέματα ἐποίησεν δοῦναι ἐπὶ τὰς κεφαλὰς τῶν στύλων χωνευτὰ χαλκᾶ πέντε πῆχεις τὸ ὕψος τοῦ ἐπιθέματος τοῦ ἐνός και πέντε πῆχεις τὸ ὕψος τοῦ ἐπιθέματος τοῦ δευτέρου
- 5 Pòt yo ak fennèt yo te kare kare. Te gen twa ranje fennèt sou chak bò, yonn an fas lòt.
And all the doors and windows had square frames, with the windows facing one another in three lines.
 και ἐποίησεν δύο δίκτυα περικαλύψαι τὸ ἐπιθέμα τῶν στύλων και δίκτυον τῷ ἐπιθέματι τῷ ἐνὶ και δίκτυον τῷ ἐπιθέματι τῷ δευτέρῳ
- 6 Li bati yon lòt gwo pyès yo rele Chanm Poto yo. Li te gen swasannkenz pye longè, karannsenk pye lajè. Te gen yon lòt ti pyès sou devan l' avèk gwo potò ak dòmant.
And he made a covered room of pillars, fifty cubits long and thirty cubits wide, and ... with steps before it.
 και ἔργον κρεμαστόν δύο στίχοι ῥοῶν χαλκῶν δεδικοτωμένοι ἔργον κρεμαστόν στίχος ἐπὶ στίχον και οὕτως ἐποίησεν τῷ ἐπιθέματι τῷ δευτέρῳ
- 7 Yo bati yon lòt kay yo rele Chanm Fotèy la ou ankò Salon Jijman an. Se la Salomon te konn rann jijman. Miray yo te kouvri ak bwa sèd depi anba rive nan plafon an.
Then he made a covered room for his high seat when he gave decisions; this was the covered room of judging; it was covered with cedar-wood from floor to roof.
 και ἔστησεν τοὺς στύλους τοῦ αἰλαμ τοῦ ναοῦ και ἔστησεν τὸν στῦλον τὸν ἕνα και ἐπεκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰαχουμ και ἔστησεν τὸν στῦλον τὸν δεύτερον και ἐπεκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ βααζ
- 8 Kay kote Salomon te rete a te nan yon lòt lakou deyè Salon Jijman an. Li te bati tankou lòt kay yo. Salomon bati yon lòt kay menm jan an tou pou madanm li, pitit fi wa peyi Lejip la.
And the house for his living-place, the other open square in the covered room, was made in the same way. And then he made a house like it for Pharaoh's daughter, whom Solomon had taken as his wife.
 και ἐπὶ τῶν κεφαλῶν τῶν στύλων ἔργον κρίνου κατὰ τὸ αἰλαμ τεσσάρων πηχῶν
- 9 Tout kay sa yo te bati ak bèl wòch taye, depi nan fondasyon yo jouk anba twati yo. Wòch yo te pare depi nan min wòch la. Yo te taye sou mezi. Fasad anndan ak fasad deyò wòch yo te taye ak si.
All these buildings were made, inside and out, from base to crowning stone, and outside to the great walled square, of highly priced stone, cut to different sizes with cutting-instruments.
 και μέλαθρον ἐπ' ἀμφοτέρων τῶν στύλων και ἐπάνωθεν τῶν πλευρῶν ἐπιθέμα τὸ μέλαθρον τῷ πάχει
- 10 Fondasyon yo te fèt ak gwo wòch yo te taye nan min wòch la. Genyen ladan yo ki te gen douz pye longè.
And the base was of great masses of highly priced stone, some ten cubits and some eight cubits square.
 και ἐποίησεν τὴν θάλασσαν δέκα ἐν πῆχει ἀπὸ τοῦ χεῖλους αὐτῆς ἕως τοῦ χεῖλους αὐτῆς στρογγύλον κύκλω τὸ αὐτὸ πέντε ἐν πῆχει τὸ ὕψος αὐτῆς και συνηγμένοι τρεῖς και τριάκοντα ἐν πῆχει ἐκύκλου ν αὐτήν
- 11 Anwo fondasyon an te gen menm kalite wòch taye sou mezi ak madriye sèd.
Overhead were highly priced stones cut to measure, and cedar-wood.
 και ὑποστηρίγματα ὑποκάτωθεν τοῦ χεῖλους αὐτῆς κυκλόθεν ἐκύκλου αὐτήν δέκα ἐν πῆχει κυκλόθεν ἀνιστὰν τὴν θάλασσαν
- 12 Gwo lakou palè a te fèmen ak yon miray fèt ak twa ranje wòch pou chak ranje madriye sèd, tankou lakou anndan ak lakou devan Tanp lan.
The great outer square all round was walled with three lines of squared stones and a line of cedar-wood boards, round about the open square inside the house of the Lord and the covered room of the king's house.
 και τὸ χεῖλος αὐτῆς ὡς ἔργον χεῖλους ποτηρίου βλαστός κρίνου και τὸ πάχος αὐτοῦ παλαιστής
- 13 ¶ Wa Salomon voye chache yon bòs ki te rele Iram tou. Se te yon moun lavil Tir.
Then King Solomon sent and got Hiram from Tyre.
 και δώδεκα βόες ὑποκάτω τῆς θαλάσσης οἱ τρεῖς ἐπιβλέποντες βορρᾶν και οἱ τρεῖς ἐπιβλέποντες θάλασσαν και οἱ τρεῖς ἐπιβλέποντες νότον και οἱ τρεῖς ἐπιβλέποντες ἀνατολήν και πάντα τὰ ὀπίσθια εἰς τὸν οἶκον και ἡ θάλασσα ἐπ' αὐτῶν ἐπάνωθεν
- 14 Papa Iram te moun lavil Tir tou. Se te yon bòs fò nan travay kwiv. Manman li te moun nan branch fanmi Nefitali a. Se te yon vèn. Iram te yon moun ki te gen anpil ladrès, anpil konesans ak bon konprann pou fè tout kalite bagay an kwiv. Se konsa li te vin kay wa a, li fè tout travay li yo.
He was the son of a widow of the tribe of Naphtali, and his father was a man of Tyre, a worker in brass; he was full of wisdom and knowledge and an expert worker in brass. He came to King Solomon and did all his work for him.
 και ἐποίησεν δέκα μεχωνῶθ χαλκῶς πέντε πῆχεις μήκος τῆς μεχωνῶθ τῆς μιᾶς και τέσσαρες πῆχεις πλάτος αὐτῆς και ἕξ ἐν πῆχει ὕψος αὐτῆς

- 15 Iram koule de gwo potò kwiv won yo. Yo chak te gen vennsèt pye wotè. Wonn potò yo te mezire dizwit pye. Li mete yo kanpe devan Tanp lan.
He it was who made the two brass pillars; the first pillar was eighteen cubits high, and a line of twelve cubits went round it; and the second was the same.
καὶ τοῦτο τὸ ἔργον τῶν μεχωνῶθ σύγκλειστον αὐτοῖς καὶ σύγκλειστον ἀνὰ μέσον τῶν ἐξεχομένων
- 16 Apre sa, li fè fè blòk kwiv tou pou ale sou tèt potò yo. Yo chak te mezire sèt pye edmi wotè.
And he made the two crowns to be put on the tops of the pillars, of brass made soft in the fire; the crowns were five cubits high.
καὶ ἐπὶ τὰ συγκλείσματα αὐτῶν ἀνὰ μέσον τῶν ἐξεχομένων λέοντες καὶ βόες καὶ χερουβιν καὶ ἐπὶ τῶν ἐξεχομένων οὕτως καὶ ἐπάνωθεν καὶ ὑποκάτωθεν τῶν λεόντων καὶ τῶν βοῶν χώραι ἔργον καταβύσσως
- 17 Li dekore wonn tèt potò yo ak desen ti chenn makònen yonn ak lòt. Te gen sèt desen konsa pou chak tèt potò.
There were nets of open-work for the crowns on the tops of the pillars, a net of open-work for one and a net of open-work for the other.
καὶ τέσσαρες τροχοὶ χαλκοὶ τῇ μεχωνῶθ τῇ μιᾷ καὶ τὰ προσέχοντα χαλκᾷ καὶ τέσσαρα μέρη αὐτῶν ὁμίας ὑποκάτω τῶν λουτήρων
- 18 Li mete de ranje grenad an kwiv anwo ak anba desen ti chenn lan sou tout wonn chak tèt potò yo.
And he made ornaments of apples; and two lines of apples all round over the network, covering the crowns of the pillars, the two crowns in the same way.
καὶ χεῖρες ἐν τοῖς τροχοῖς ἐν τῇ μεχωνῶθ καὶ τὸ ὕψος τοῦ τροχοῦ τοῦ ἐνὸς πῆχεος καὶ ἡμίσεος
- 19 Tèt potò ki nan gwo lakou devan an te gen fòm yon flè choublak. Yo chak te gen sis pye wotè.
The crowns on the tops of the pillars were ornamented with a design of flowers, and were four cubits across.
καὶ τὸ ἔργον τῶν τροχῶν ἔργον τροχῶν ἄρματος αἱ χεῖρες αὐτῶν καὶ οἱ νότοι αὐτῶν καὶ ἡ πραγματεία αὐτῶν τὰ πάντα χωνευτά
- 20 Sou rebò anwo chak tèt potò yo, te gen yon vant resoti ki te anwo desen ti chenn yo, ak desan pòtre grenad sou de ranje ki te fè wonn chak potò yo.
And there were crowns on the two pillars near the round part by the network, and there were two hundred apples in lines round every crown.
αἱ τέσσαρες ὁμίας ἐπὶ τῶν τεσσάρων γωνιῶν τῆς μεχωνῶθ τῆς μιᾶς ἐκ τῆς μεχωνῶθ οἱ ὅμοιοι αὐτῆς
- 21 Iram mete potò yo kanpe devan pòt antre Tanp lan, yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. Li rele sa ki sou bò dwat la Jaken, sa ki sou bò gòch la Boaz.
He put up the pillars at the doorway of the Temple, naming the one on the right Jachin, and that on the left Boaz.
καὶ ἐπὶ τῆς κεφαλῆς τῆς μεχωνῶθ ἡμισυ τοῦ πῆχεος μέγεθος στρογγύλον κύκλω ἐπὶ τῆς κεφαλῆς τῆς μεχωνῶθ καὶ ἀρχὴ χειρῶν αὐτῆς καὶ τὰ συγκλείσματα αὐτῆς καὶ ἠνοίγετο ἐπὶ τὰς ἀρχὰς τῶν χειρῶν αὐτῆς
- 22 Sou tèt chak potò te gen yon blòk an fòm yon flè. Se konsa Iram fini ak travay potò yo.
The tops of the pillars had a design of flowers; and the work of making the pillars was complete.
καὶ τὰ συγκλείσματα αὐτῆς χερουβιν καὶ λέοντες καὶ φοῖνικες ἐστῶτα ἐχόμενον ἕκαστον κατὰ πρόσωπον αὐτοῦ ἔσω καὶ τὰ κυκλόθεν
- 23 Apre sa, Iram fè yon gwo basen an kwiv tou won. Li te mezire kenz pye lajè anndan anndan ak sèt pye edmi fondè. Wonn li te mezire karannsenk pye.
And he made a great metal water-vessel ten cubits across from edge to edge, five cubits high and thirty cubits round.
κατ' αὐτὴν ἐποίησεν πάσας τὰς δέκα μεχωνῶθ τὰξιν μίαν καὶ μέτρον ἐν πάσαις
- 24 Sou tout wonn basen lan, sou deyò, te gen de ranje ti kalbas an kwiv, ti kras anba rebò a. Te gen dis kalbas pou chak pye edmi longè. Yo te fè yon sèl kò ak basen lan, yo te koule yo ansanm lè yo t'ap fè basen lan.
And under the edge of it, circling it all round for ten cubits, were two lines of flower buds, made together with it from liquid metal.
καὶ ἐποίησεν δέκα χυτροκαύλους χαλκοῦς τεσσαράκοντα χοεῖς χωροῦντα τὸν χυτρόκαυλον τὸν ἕνα μετρήσει ὁ χυτρόκαυλος ὁ εἷς ἐπὶ τῆς μεχωνῶθ τῆς μιᾶς ταῖς δέκα μεχωνῶθ
- 25 Basen lan te chita sou do douz towò bèf an kwiv. Fas towò yo tout bay sou deyò: fas twa bay sou solèy leve, fas twa bay sou bò nò, fas twa bay sou solèy kouche, ak fas twa bay sou bò sid. Dèyè yo te anba basen lan.
It was supported on twelve oxen, with their back parts turned to the middle of it, three of them facing to the north, three to the west, three to the south, and three to the east; the vessel was resting on top of them.
καὶ ἔθετο τὰς δέκα μεχωνῶθ πέντε ἀπὸ τῆς ὁμίας τοῦ οἴκου ἐκ δεξιῶν καὶ πέντε ἀπὸ τῆς ὁμίας τοῦ οἴκου ἐξ ἀριστερῶν καὶ ἡ θάλασσα ἀπὸ τῆς ὁμίας τοῦ οἴκου ἐκ δεξιῶν κατ' ἀνατολὰς ἀπὸ τοῦ κλίτους τοῦ νότου
- 26 Rebò basen lan te gen twa pous epesè. Rebò a te tankou rebò yon tas, li fè yon ti vire sou deyò tankou yon flè. Basen lan te ka kenbe dimil galon konsa.
It was as thick as a man's open hand, and was curved like the edge of a cup, like the flower of a lily: it would take two thousand baths.
καὶ ἐποίησεν χιραμ τοὺς λέβητας καὶ τὰς θερμάστρες καὶ τὰς φιάλας καὶ συνετέλεσεν χιραμ ποιῶν πάντα τὰ ἔργα ἃ ἐποίησεν τῷ βασιλεῖ σαλωμων ἐν οἴκῳ κυρίου

- 27 Iram te fè tou dis kabwa an kwiv. Yo chak te gen sis pye longè, sis pye lajè ak kat pye edmi wotè.
And he made ten wheeled bases of brass; every one four cubits long, four cubits wide, and three cubits high.
στύλους δύο καὶ τὰ στρεπτά τῶν στύλων ἐπὶ τῶν κεφαλῶν τῶν στύλων δύο καὶ τὰ δίκτυα δύο τοῦ καλύπτειν ἀμφοτέρα τὰ στρεπτά τῶν γλυφῶν τὰ ὄντα ἐπὶ τῶν στύλων
- 28 Yo te fèt an ti panno kare kare ki te moute nan yon ankadreman.
And the bases were made in this way; their sides were square, fixed in a framework;
τὰς ῥόας τετρακοσίας ἀμφοτέροις τοῖς δικτύοις δύο στίχοι ῥῶν τῷ δικτύῳ τῷ ἐνὶ περικαλύπτειν ἀμφοτέρα τὰ στρεπτά ἐπ' ἀμφοτέροις τοῖς στύλοις
- 29 Sou chak ti panno yo, te gen pòtre lyon, pòtre towo ak pòtre zanj cheriben. Sou rebò yo, anwo ak anba lyon yo ak towo yo, te gen yon ranje flè resoti.
And on the square sides between the frames were lions, oxen, and winged ones; and the same on the frame; and over and under the lions and the oxen and the winged ones were steps.
καὶ τὰς μεχωνῶθ δέκα καὶ τοὺς χυτροκαύλους δέκα ἐπὶ τῶν μεχωνῶθ
- 30 Chak kabwa te gen kat wou an kwiv ak lesye an kwiv tou. Nan kat kwen yo te gen yon zepòlman, antou kat pou kenbe basen lan anplas. Zepòlman yo te dekore ak yon ranje flè chak bò.
Every base had four wheels of brass, turning on brass rods, and their four angles had angle-plates under them; the angle-plates under the base were of metal, and there were ornaments at the side of every one.
καὶ τὴν θάλασσαν μίαν καὶ τοὺς βόας δώδεκα ὑποκάτω τῆς θαλάσσης
- 31 Anwo chak kabwa te gen yon ankadreman tou won pou basen yo. Ankadreman an te gen dizwit pous lajè anndan anndan. Li te gen desen sou tout kò l'. Pati anwo kabwa a te kare, li pa t' won.
The mouth of it inside the angle-plate was one cubit across; it was round like a pillar, a cubit and a half across; it had designs cut on it; the sides were square, not round.
καὶ τοὺς λέβητας καὶ τὰς θερμάστρες καὶ τὰς φιάλας καὶ πάντα τὰ σκευὴ ἃ ἐποίησεν χιραμ τῷ βασιλεῖ σαλωμων τῷ οἴκῳ κυρίου καὶ οἱ στῦλοι τεσσαράκοντα καὶ ὀκτὼ τοῦ οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ τὸ οἴκου κυρίου πάντα τὰ ἔργα τοῦ βασιλέως ἃ ἐποίησεν χιραμ χαλκῷ ἄρδην
- 32 Wou yo te gen vennsenk pous wotè. Yo te anba panno yo. Lesye wou yo te fè yon sèl pyès ak rès kabwa a.
The four wheels were under the frames, and the rods on which the wheels were fixed were in the base; the wheels were a cubit and a half high.
οὐκ ἦν σταθμὸς τοῦ χαλκοῦ οὐδ' ἐποίησεν πάντα τὰ ἔργα ταῦτα ἐκ πλήθους σφόδρα οὐκ ἦν τέρμα τῷ σταθμῷ τοῦ χαλκοῦ
- 33 Wou yo te tankou wou cha lagè. Pen yo, jant yo, reyon yo, lesye yo, tout te fèt an kwiv.
The wheels were made like carriage-wheels, the rods on which they were fixed, the parts forming their edges, their rods and the middle points of them, were all formed out of liquid metal.
ἐν τῷ περιοίκῳ τοῦ ιορδάνου ἐχώνευσεν αὐτὰ ὁ βασιλεὺς ἐν τῷ πάχει τῆς γῆς ἀνὰ μέσον σοκχῶθ καὶ ἀνὰ μέσον σιρα
- 34 Kat zepòlman ki te nan kwen anba chak kabwa yo te fè yon sèl pyès ak chasi kabwa a.
And there were four angle-plates at the four angles of every base, forming part of the structure of the base.
καὶ ἔδωκεν ὁ βασιλεὺς σαλωμων τὰ σκευὴ ἃ ἐποίησεν ἐν οἴκῳ κυρίου τὸ θυσιαστήριον τὸ χρυσοῦν καὶ τὴν τράπεζαν ἐφ' ἧς οἱ ἄρτοι τῆς προσφορᾶς χρυστῆν
- 35 Pati plat anwo kabwa a te dekore ak yon wonn nèf pous wotè ki te fè rebò ouvèti a. Zepòlman ki te nan kwen anwo yo ak panno yo te fè yon sèl pyès ak kabwa a.
And at the top of the base there was a round vessel, half a cubit high;
καὶ τὰς λυχνίας πέντε ἐκ δεξιῶν καὶ πέντε ἐξ ἀριστερῶν κατὰ πρόσωπον τοῦ δαβιρ χρυσαῖς συγκλειομένας καὶ τὰ λαμπάδια καὶ τοὺς λύχνους καὶ τὰς ἐπαρυστρίδας χρυσαῖς
- 36 Yo te dekore panno yo ak zepòlman yo ak pòtre zanj cheriben, pòtre lyon ak pòtre pye palmis, tout kote yo te jwenn yon ti espas, ak flè sou tout wonn lan.
In the spaces of the flat sides and on the frames of them, he made designs of winged ones, lions, and palm-trees, with ornamented edges all round.
καὶ τὰ πρόθυρα καὶ οἱ ἦλοι καὶ αἱ φιάλαι καὶ τὰ τρύβλια καὶ αἱ θύσσαι χρυσαῖ συγκλειστα καὶ τὰ θυρώματα τῶν θυρῶν τοῦ οἴκου τοῦ ἐσωτάτου ἁγίου τῶν ἁγίων καὶ τὰς θύρας τοῦ οἴκου τοῦ ναοῦ χρυσαῖς
- 37 Se konsa Iram te fè dis kabwa yo. Yo tout te fèt menm jan, menm fòm, menm gwosè.
All the ten bases were made in this way, after the same design, of the same size and form.
καὶ ἀνεπληρώθη πᾶν τὸ ἔργον ὃ ἐποίησεν σαλωμων οἴκου κυρίου καὶ εἰσήνεγκεν σαλωμων τὰ ἅγια δαυὶδ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ πάντα τὰ ἅγια σαλωμων τὸ ἀργύριον καὶ τὸ χρυσίον καὶ τὰ σκευὴ ἔδωκεν εἰς τοὺς θησαυροὺς οἴκου κυρίου
- 38 Iram te fè dis basen tou, yonn pou chak kabwa. Chak basen te mezire sis pye lajè. Yo chak te kenbe desan galon konsa.
And he made ten brass washing-vessels, everyone taking forty baths, and measuring four cubits; one vessel was placed on every one of the ten bases.
καὶ τὸν οἶκον αὐτοῦ ἔκοδόμησεν σαλωμων τρισκαίδεκα ἔτεσιν
- 39 Li mete senk kabwa sou bò sid Tanp lan, lòt senk yo sou bò nò. Gwo basen kwiv la menm, li mete l' sou bò dwat Tanp lan nan kwen sidès la.
And he put the bases by the house, five on the right side and five on the left; and he put the great water-vessel on the right side of the house, to the east, facing south.
καὶ ἔκοδόμησεν τὸν οἶκον δρυμῷ τοῦ λιβάνου ἑκατὸν πῆχεις μήκος αὐτοῦ καὶ πενήτηκοντα πῆχεις πλάτος αὐτοῦ καὶ τριάκοντα πηγῶν ὕψος αὐτοῦ καὶ τριῶν στίχων στύλων κεδρίνων καὶ ὠμίαι κέδρι ναι τοῖς στύλοις

- 40 Iram te fè plato pou sann, pèl ak kivèt. Se konsa li te fin fè tout travay Salomon te mande l' fè pou Tanp Seyè a.
And Hiram made the pots and spades and the basins. So Hiram came to the end of all the work he did for King Solomon in the house of the Lord:
καὶ ἐφάντωνσεν τὸν οἶκον ἄνωθεν ἐπὶ τῶν πλευρῶν τῶν στύλων καὶ ἀριθμὸς τῶν στύλων τεσσαράκοντα καὶ πέντε δέκα καὶ πέντε ὁ στίχος
- 41 Men sa li te fè: de gwo potò won yo, de blòk yon ti jan pi gwo pou ale sou tèt potò yo,
The two pillars and the two cups of the crowns which were on the tops of the two pillars; and the network covering the two cups of the crowns on the tops of the pillars,
καὶ μέλαθρα τρία καὶ χώρα ἐπὶ χώραν τρισσῶς
- 42 katsan pòtre grenad ki pou ale sou de ran nan desen ti chenn ki fè wonn tèt potò yo,
And the four hundred apples for the network, two lines of apples for every network, covering the two cups of the crowns on the pillars;
καὶ πάντα τὰ θυρώματα καὶ αἱ χώραι τετράγωνοι μεμελαθρωμένα καὶ ἀπὸ τοῦ θυρώματος ἐπὶ θύραν τρισσῶς
- 43 dis kabwa yo, dis basen ki pou ale sou kabwa yo,
And the ten bases, with the ten washing-vessels on them;
καὶ τὸ αἶλαμ τῶν στύλων πενήτηκοντα πηχῶν μήκος καὶ τριάκοντα ἐν πλάτει ἐξυγωμένα αἶλαμ ἐπὶ πρόσωπον αὐτῶν καὶ στῦλοι καὶ πάχος ἐπὶ πρόσωπον αὐτῆς τοῖς αἶλαμμιν
- 44 yon gwo basen tou won pou dlo, douz towò bèf pou soutni gwo basen lan,
And the great water-vessel, with the twelve oxen under it;
καὶ τὸ αἶλαμ τῶν θρόνων οὗ κρινεῖ ἐκεῖ αἶλαμ τοῦ κριτηρίου
- 45 plato pou sann yo, pèl yo ak kivèt yo. Tou sa Iram te fè pou Tanp Seyè a te fèt an kwiv poli, dapre lòd li te resevwa nan men Salomon.
And the pots and the spades and the basins; all the vessels which Hiram made for King Solomon, for the house of the Lord, were of polished brass.
καὶ οἶκος αὐτῶ ἐν ᾧ καθήσεται ἐκεῖ αὐλὴ μία ἐξελισσομένη τούτοις κατὰ τὸ ἔργον τοῦτο καὶ οἶκον τῆ θυγατρὶ φαραω ἣν ἔλαβεν σαλωμων κατὰ τὸ αἶλαμ τοῦτο
- 46 Wa a te fè fonn yo nan moul tè nan fon larivyè Jouden an, ant lavil Soukòt ak lavil Zaretan.
He made them of liquid metal in the lowland of Jordan, at the way across the river, at Adama, between Succoth and Zarethan.
πάντα ταῦτα ἐκ λίθων τιμίων κεκολαμμένα ἐκ διαστήματος ἔσωθεν καὶ ἐκ τοῦ θεμελίου ἕως τῶν γεισῶν καὶ ἔξωθεν εἰς τὴν αὐλὴν τὴν μεγάλην
- 47 Te sitèlman gen anpil bagay fèt an kwiv, Salomon pa t' chache konnen pèz yo.
The weight of all these vessels was not measured, because there was such a number of them; it was not possible to get the weight of the brass.
τὴν τεθεμελιωμένην ἐν τιμίους λίθοις μεγάλοις λίθοις δεκαπήχεσιν καὶ τοῖς ὀκταπήχεσιν
- 48 ¶ Salomon te fè fè tout mèb yo te bezwen pou Tanp lan an lò: lotèl la, tab pou pen yo mete apa pou Bondye a,
And Solomon had all the vessels made for use in the house of the Lord: the altar of gold and the gold table on which the holy bread was placed;
καὶ ἐπάνωθεν τιμίους κατὰ τὸ μέτρον ἀπελεκήτων καὶ κέδροις
- 49 dis lanp sèt branch pou ranje devan pyès yo mete apa nèt pou Seyè a, senk sou bò dwat, senk sou bò gòch, flè yo, ti lanp yo ak pensèt pou lanp sèt branch yo,
And the supports for the lights, five on the right side and five on the left before the inmost room, of clear gold; and the flowers and the lights and all the instruments of gold;
τῆς αὐλῆς τῆς μεγάλης κύκλω τρεῖς στίχοι ἀπελεκήτων καὶ στίχος κεκολαμμένης κέδρου
- 50 gode yo, kouto pou netwaye lanp yo, bòl yo, plato pou lansan yo, plato pou pote chabon dife tou limen yo, gon pou pòt pyès ki apa nèt pou Seyè a, ak gon pou lòt pòt tanp lan menm. Tout bagay sa yo te fèt ak bon lò.
And the cups and the scissors and the basins and the spoons and the fire-trays, all of gold; and the pins on which the doors were turned, the doors of the inner house, the most holy place, and the doors of the Temple, all of gold.
καὶ συνετέλεσεν σαλωμων ὅλον τὸν οἶκον αὐτοῦ
- 1 ¶ Apre sa, Salomon bay lòd pou tout gwo chèf pèp Izrayèl yo ansanm ak tout chèf branch fanmi yo ak lòt chèf fanmi pèp la vin jwenn li lavil Jerizalèm pou y' al pran Bwat Kontra Seyè a nan lavil David la, lavil Siyon an, pou yo pote l' nan Tanp lan.
Then Solomon sent for all the responsible men of Israel, and all the chiefs of the tribes, and the heads of families of the children of Israel, to come to him in Jerusalem to take the ark of the Lord's agreement up out of the town of David, which is Zion.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ συνετέλεσαι σαλωμων τοῦ οἰκοδομηῆσαι τὸν οἶκον κυρίου καὶ τὸν οἶκον ἑαυτοῦ μετὰ εἴκοσι ἔτη τότε ἐξεκκλησίασεν ὁ βασιλεὺς σαλωμων πάντας τοὺς πρεσβυτέρους ἰσραηλ ἐν σιων τ οὐ ἀνεγκεῖν τὴν κιβωτὸν διαθήκης κυρίου ἐκ πόλεως δαυιδ αὕτη ἐστὶν σιων
- 2 Pandan Fèt Joupa yo nan mwa Etanim lan, setyèm mwa nan kalandriye jwif yo, tout pèp Izrayèl la reyini ansanm ak wa Salomon.
And all the men of Israel came together to King Solomon at the feast, in the month Ethanim, the seventh month.
ἐν μηνὶ αθανιν

- 3 Lè tout chèf fanmi pèp Izrayèl yo reyini, prèt yo pran Bwat Kontra a,
And all the responsible men of Israel came, and the priests took up the ark.
καὶ ἦραν οἱ ἱερεῖς τὴν κιβωτὸν
- 4 yo pote l' nan Tanp lan ansanm ak Tant Randevou Seyè a ak tout bagay ki te apa pou Seyè a nan Tant Randevou a. Se prèt yo ak moun Levi yo ki te pote yo moute.
They took up the ark of the Lord, and the Tent of meeting, and all the holy vessels which were in the Tent; all these the priests and the Levites took up.
καὶ τὸ σκῆνωμα τοῦ μαρτυρίου καὶ πάντα τὰ σκεῦῃ τὰ ἅγια τὰ ἐν τῷ σκηνώματι τοῦ μαρτυρίου
- 5 Wa Salomon ansanm ak tout pèp Izrayèl la sanble devan Bwat Kontra a, yo touye bèf, kabrit ak mouton an kantite pou Bondye. Moun pa t' ka konte konbe bèt yo te touye jou sa a sitèlman yo te anpil.
And King Solomon and all the men of Israel who had come together there, were with him before the ark, making offerings of sheep and oxen more than might be numbered.
καὶ ὁ βασιλεὺς καὶ πᾶς ἰσραηλ ἔμπροσθεν τῆς κιβωτοῦ θύοντες πρόβατα καὶ βόας ἀναρίθμητα
- 6 Lè yo fini, prèt yo pote Bwat Kontra a nan pyès ki apa nèt pou Seyè a, yo mete l' nan mitan de pòtre zanj cheriben yo.
And the priests took the ark of the agreement of the Lord and put it in its place in the inner room of the house, in the most holy place, under the wings of the winged ones.
καὶ εἰσφέρουσιν οἱ ἱερεῖς τὴν κιβωτὸν εἰς τὸν τόπον αὐτῆς εἰς τὸ δαβὶρ τοῦ οἴκου εἰς τὰ ἅγια τῶν ἁγίων ὑπὸ τὰς πτέρυγας τῶν χερουβὶν
- 7 Zèl cheriben yo te louvri, yo te kouvri tout kote Bwat Kontra a ye a ansanm ak potò ki sèvi pou pote l' yo.
For their wings were outstretched over the place where the ark was, covering the ark and its rods.
ὅτι τὰ χερουβὶν διαπεπτασμένα ταῖς πτέρυξιν ἐπὶ τὸν τόπον τῆς κιβωτοῦ καὶ περιεκάλυπτον τὰ χερουβὶν ἐπὶ τὴν κιβωτὸν καὶ ἐπὶ τὰ ἅγια αὐτῆς ἐπάνωθεν
- 8 Si yon moun kanpe sou devan pyès ki apa pou Seyè a, yo ka wè pwent potò yo tèlman yo te long. Men, ou pa ka wè yo lòt kote ankò. Jouk koulye a potò yo la toujou.
- 26 Li pran tout trezò ki te nan tanp lan ak nan palè wa a, ata gwo plak pwotèj an lò Salomon te fè fè yo.
 And took away all the stored wealth from the house of the Lord, and from the king's house, and all the gold body-covers which Solomon had made.
 και ἔλαβεν πάντα τοὺς θησαυροὺς οἴκου κυρίου και τοὺς θησαυροὺς οἴκου τοῦ βασιλέως και τὰ δόρατα τὰ χρυσᾶ ἃ ἔλαβεν δαυιδ ἐκ χειρὸς τῶν παίδων ἀδρααζαρ βασιλέως σουβα και εἰσήνεγκεν αὐτὸν εἰς ἱερουσαλημ τὰ πάντα ἔλαβεν ὅπλα τὰ χρυσᾶ
- 27 Wa Woboram fè fè gwo plak pwotèj an kwiv pou mete nan plas yo. Lèfini, li renmèt yo nan men chèf gad ki t'ap fè pòs nan pòtay kay wa a.
 So in their place King Rehoboam had other body-covers made of brass, and gave them into the care of the captains of the armed men who were stationed at the door of the king's house.
 και ἐποίησεν ροβοαμ ὁ βασιλεὺς ὄπλα χαλκᾶ ἀντ' αὐτῶν και ἐπέθετο ἐπ' αὐτὸν οἱ ἠγούμενοι τῶν παρατρεχόντων οἱ φυλάσσοντες τὸν πύλωνα οἴκου τοῦ βασιλέως

- 28 Chak fwa wa a t'ap antre nan Tanp lan, chèf gad yo pran gwo plak pwotèj yo pote yo vini. Lè l' ale, yo pote yo tounen nan sal gad la.
And whenever the king went into the house of the Lord, the armed men went with him taking the body-covers, and then took them back to their room.
 και ἐγένετο ὅτε εἰσπορεύετο ὁ βασιλεὺς εἰς οἶκον κυρίου και ἦρον αὐτὰ οἱ παρατρέχοντες και ἀπηρείδοντο αὐτὰ εἰς τὸ θεε τῶν παρατρέχόντων
- 29 Tout lòt bagay wa Woboram te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo.
Now the rest of the acts of Rehoboam, and all he did, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah?
 και τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ροβοαμ και πάντα ἃ ἐποίησεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ιουδα
- 30 Pandan tout tan sa a se te yon lagè san rete ant Woboram ak Jewoboran.
And there was war between Rehoboam and Jeroboam all their days.
 και πόλεμος ἦν ἀνὰ μέσον ροβοαμ και ἀνὰ μέσον ιεροβοαμ πάσας τὰς ἡμέρας
- 31 Lè Woboram mouri, yo antere l' nan tonm fanmi an nan lavil David la. Manman l' te rele Nama, se te moun lavil Amon. Se Abijam, pitit gason Woboram lan, ki moute sou fotèy la nan plas papa l'.
And Rehoboam went to rest with his fathers, and was put into the earth with his fathers in the town of David; his mother's name was Naamah, an Ammonite woman. And Abijam his son became king in his place.
 και ἐκοιμήθη ροβοαμ μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ και θάπτεται μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ ἐν πόλει δαυιδ και ἐβασίλευσεν αβιου υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ Jewoboram te gen dizwitan depi li te wa peyi Izrayèl la, lè Abijam moute wa nan peyi Jida.
Now in the eighteenth year of king Jeroboam, the son of Nebat, Abijam became king over Judah.
 και ἐν τῷ ὀκτωκαιδεκάτῳ ἔτει βασιλεύοντος ιεροβοαμ υἱοῦ ναβατ βασιλεύει αβιου υἱὸς ροβοαμ ἐπὶ ιουδα
- 2 Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan twazan. Manman l' te rele Maka, se te pitit fi Absalon.
For three years he was king in Jerusalem: and his mother's name was Maacah, the daughter of Abishalom.
 και ἔξ ἔτη ἐβασίλευσεν και ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ μααχα θυγάτηρ αβεσσαλωμ
- 3 Abijam te lage kò l' nan fè menm bagay ak papa l'. Li pa t' sèvi Seyè a, Bondye li a, ak tout kè li jan David, zansèt li a, te fè.
And he did the same sins which his father had done before him: his heart was not completely true to the Lord his God, like the heart of David his father.
 και ἐπορεύθη ἐν ταῖς ἁμαρτίαις τοῦ πατρὸς αὐτοῦ αἷς ἐποίησεν ἐνώπιον αὐτοῦ και οὐκ ἦν ἡ καρδία αὐτοῦ τελεία μετὰ κυρίου θεοῦ αὐτοῦ ὡς ἡ καρδία δαυιδ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ
- 4 Men poutèt David, Seyè a, Bondye li a, te bay Abijam yon pitit gason pou te toujou gen yon moun nan ras li ap gouvènen lavil Jerizalèm apre li. Konsa lavil Jerizalèm va toujou rete kanpe.
But because of David, the Lord gave him a light in Jerusalem, making his sons king after him, so that Jerusalem might be safe;
 ὅτι διὰ δαυιδ ἔδωκεν αὐτῷ κύριος κατάλειμμα ἵνα στήσῃ τέκνα αὐτοῦ μετ' αὐτὸν και στήσῃ τὴν ιερουσαλημ
- 5 Seyè a te fè sa paske David te toujou fè sa ki dwat devan Seyè a. Pandan tout lavi li, li pa t' janm dezobeyi ankenn lòd Seyè a, si ou wete zafè Ouri, moun peyi Et la.
Because David did what was right in the eyes of the Lord, and never in all his life went against his orders, but only in the question of Uriah the Hittite.
 ὡς ἐποίησεν δαυιδ τὸ εὐθὲς ἐνώπιον κυρίου οὐκ ἐξέκλινεν ἀπὸ πάντων ὧν ἐνετείλατο αὐτῷ πάσας τὰς ἡμέρας τῆς ζωῆς αὐτοῦ
- 7 Toutan te gen lagè tou ant Abijam ak Jewoboram. Tout lòt bagay Abijam te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo.
Now the rest of the acts of Abijam, and all he did, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah? And there was war between Abijam and Jeroboam.
 και τὰ λοιπὰ τῶν λόγων αβιου και πάντα ἃ ἐποίησεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ιουδα και πόλεμος ἦν ἀνὰ μέσον αβιου και ἀνὰ μέσον ιεροβοαμ
- 8 Lè Abijam mouri, yo antere l' nan lavil David la, Se Asa, pitit gason l' lan, ki moute sou fotèy la nan plas li.
Then Abijam went to rest with his fathers, and they put him into the earth in the town of David: and Asa his son became king in his place.
 και ἐκοιμήθη αβιου μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ ἐν τῷ εἰκοστῷ και τετάρτῳ ἔτει τοῦ ιεροβοαμ και θάπτεται μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ ἐν πόλει δαυιδ και βασιλεύει ασα υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 9 ¶ Wa Jewoboram t'ap mache sou ventan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl, lè Asa moute wa nan peyi Jida.
In the twentieth year that Jeroboam was king of Israel, Asa became king over Judah.
 ἐν τῷ ἐνιαντῷ τῷ τετάρτῳ και εἰκοστῷ τοῦ ιεροβοαμ βασιλέως ισραηλ βασιλεύει ασα ἐπὶ ιουδαν
- 10 Li gouvènen pandan karanteyennan lavil Jerizalèm. Maka, pitit fi Absalon an, te grann li.
And he was king for forty-one years in Jerusalem; his mother's name was Maacah, the daughter of Abishalom.
 και τεσσαράκοντα και ἐν ἔτος ἐβασίλευσεν ἐν ιερουσαλημ και ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ ανα θυγάτηρ αβεσσαλωμ
- 11 Asa te fè sa ki dwat devan Seyè a, tankou David, zansèt li.
Asa did what was right in the eyes of the Lord, as David his father did.
 και ἐποίησεν ασα τὸ εὐθὲς ἐνώπιον κυρίου ὡς δαυιδ ὁ πατὴρ αὐτοῦ

- 12 Li netwaye peyi a, li mete tout gason ak tout fanm ki t'ap fè jennès nan kay zidòl yo deyò nan peyi a. Li wete tout vye zidòl chèf ki te la anvan l' yo te fè.
Those used for sex purposes in the worship of the gods he sent out of the country, and he took away all the images which his fathers had made.
καὶ ἀφείλεν τὰς τελετὰς ἀπὸ τῆς γῆς καὶ ἐξάπεστειλεν πάντα τὰ ἐπιτηδεύματα ἃ ἐποίησαν οἱ πατέρες αὐτοῦ
- 13 Li menm rive wete Maka, grann li, nan pozisyon manman larenn yo te ba li nan peyi a, paske Maka te fè yon vye estati pou Astate. Asa kraze estati a, li fè boule l' nan fon Sedwon an.
And he would not let Maacah his mother be queen, because she had made a disgusting image for Asherah; and Asa had the image cut down and burned by the stream Kidron.
καὶ τὴν ἀνα τὴν μητέρα αὐτοῦ μετέστησεν τοῦ μὴ εἶναι ἡγουμένην καθὼς ἐποίησεν σύνοδον ἐν τῷ ἄλσει αὐτῆς καὶ ἐξέκοψεν ἀσα τὰς καταδύσεις αὐτῆς καὶ ἐνέπρησεν πυρὶ ἐν τῷ χειμάρρῳ κεδρῶν
- 14 Malgre li pa t' rive fè disparèt tout kay zidòl yo, limenm li te toujou sèvi Seyè a ak tout kè li pandan tout lavi li.
The high places, however, were not taken away; but still the heart of Asa was true to the Lord all his life.
τὰ δὲ ὑψηλὰ οὐκ ἐξῆρεν πλὴν ἡ καρδία ἀσα ἦν τελεία μετὰ κυρίου πάσας τὰς ἡμέρας αὐτοῦ
- 15 Li mete nan Tanp lan tou sa papa l' te bay pou sèvis Bondye ansanm ak tout bagay an lò ak an ajan limenm li te bay pou Bondye.
He took into the house of the Lord all the things which his father had made holy, and those which he himself had made holy, silver and gold and vessels.
καὶ εἰσήνεγκεν τοὺς κίονας τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ τοὺς κίονας αὐτοῦ εἰσήνεγκεν εἰς τὸν οἶκον κυρίου ἀργυροῦς καὶ χρυσοῦς καὶ σκεῦη
- 16 Pandan tout tan yo t'ap gouvènèn chak moun bò pa yo, se te yon lagè san rete ant Asa, wa peyi Jida, ak Bacha, wa peyi Izrayèl.
Now there was war between Asa and Baasha, king of Israel, all their days.
καὶ πόλεμος ἦν ἀνὰ μέσον ἀσα καὶ ἀνὰ μέσον βαασα βασιλέως ἰσραηλ πάσας τὰς ἡμέρας
- 17 wa Bacha anvayi peyi Jida. Li pran lavil Rama, li plen l' sòlda pa l' pou anpeche moun pase antre soti nan peyi Jida.
And Baasha, king of Israel, went up against Judah, building Ramah, so that no one was able to go out or in to Asa, king of Judah.
καὶ ἀνέβη βαασα βασιλεὺς ἰσραηλ ἐπὶ ἰουδα καὶ ὠκοδόμησεν τὴν ραμα τοῦ μὴ εἶναι ἐκπορευόμενον καὶ εἰσπορευόμενον τῷ ἀσα βασιλεῖ ἰουδα
- 18 Lè wa Asa wè sa, li pran tout rèz bagay an lò ak bagay an ajan ki te rete nan tanp lan ak nan palè a, li renmèt yo nan men kèk moun pa l', li voye yo lavil Damas bò kote Bennadad, wa peyi Siri, pitit gason Tabrimon, pitit pitit Ezyon, ak mesaj sa a:
Then Asa took all the silver and gold which was still stored in the Lord's house, and in the king's house, and sent them, in the care of his servants, to Ben-hadad, son of Tabrimmon, son of Rezon, king of Aram, at Damascus, saying,
καὶ ἔλαβεν ἀσα τὸ ἀργύριον καὶ τὸ χρυσίον τὸ εὑρεθὲν ἐν τοῖς θησαυροῖς τοῦ οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ ἔδωκεν αὐτὰ εἰς χεῖρας παιδῶν αὐτοῦ καὶ ἐξάπεστειλεν αὐτοὺς ὁ βασιλεὺς ἀσα πρὸς υἱὸν ἀδερ υἱὸν ταβερεμμὴν υἱοῦ ἀζὶν βασιλέως συρίας τοῦ κατοικοῦντος ἐν δαμασκῷ λέγων
- 19 -Annou pase kontra yonn ak lòt tankou zansèt nou yo te fè l' la. Men mwen voye bagay an lò ak bagay an ajan sa yo fè ou kado. Koulye a, kase kontra ou pase ak Bacha, wa peyi Izrayèl la, konsa la blije wete sòlda li yo nan peyi mwen an.
Let there be an agreement between me and you as there was between my father and your father: see, I have sent you an offering of silver and gold; go and put an end to your agreement with Baasha, king of Israel, so that he may give up attacking me.
διάθου διαθήκην ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ ἀνὰ μέσον σοῦ καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ πατρὸς μου καὶ τοῦ πατρὸς σου ἰδοὺ ἐξαπέσταλκά σοι δῶρα ἀργύριον καὶ χρυσίον δεῦρο διασκέδασον τὴν διαθήκην σου τὴν πρὸς βαασα βασιλέα ἰσραηλ καὶ ἀναβήσεται ἀπ' ἐμοῦ
- 20 wa Bennadad dakò avèk sa wa Asa te voye di l' la. Li voye chèf lame li yo al atake lavil peyi Izrayèl yo. Yo pran lavil Iyon, lavil Dann, lavil Abèl-bèt Maka, tout zòn ki toupre letan Galile a, ak tout pòsyon tè branch fanmi Neftali a.
So Ben-hadad did as King Asa said, and sent the captains of his armies against the towns of Israel, attacking Ijon and Dan and Abel-beth-maacah, and all Chinneroth as far as all the land of Naphtali.
καὶ ἤκουσεν υἱὸς ἀδερ τοῦ βασιλέως ἀσα καὶ ἀπέστειλεν τοὺς ἄρχοντας τῶν δυνάμεων τῶν αὐτοῦ ταῖς πόλεσιν τοῦ ἰσραηλ καὶ ἐπάταξεν τὴν αἰν καὶ τὴν δαν καὶ τὴν ἀβελμαα καὶ πᾶσαν τὴν χεζραθ ἕως πάσης τῆς γῆς νεφθαλι
- 21 Lè Bacha vin konn sa, li wete tout sòlda ki te plen lavil Rama a, l' ale lavil Tizra.
And Baasha, hearing of it, put a stop to the building of Ramah, and was living in Tirzah.
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν βαασα καὶ διέλιπεν τοῦ οἰκοδομεῖν τὴν ραμα καὶ ἀνέστρεψεν εἰς θερσα
- 22 Lè sa a, wa Asa fè rele dènve moun nan peyi Jida a pou wete wòch ak bwa wa Bacha te fè anpile pou ranfòse miray ranpa lavil Rama. Wa Asa sèvi ak materyo sa yo pou ranfòse miray ranpa lavil Mispa ak lavil Geba nan pòsyon tè branch fanmi Benjamen yo.
Then King Asa got all Judah together, making every man come; and they took away the stones and the wood with which Baasha was building Ramah, and King Asa made use of them for building Geba in the land of Benjamin, and Mizpah.
καὶ ὁ βασιλεὺς ἀσα παρήγγειλεν παντὶ ἰουδα εἰς ἀνακίμ καὶ αἴρουσιν τοὺς λίθους τῆς ραμα καὶ τὰ ξύλα αὐτῆς ἃ ὠκοδόμησεν βαασα καὶ ὠκοδόμησεν ἐν αὐτοῖς ὁ βασιλεὺς ἀσα πᾶν βουνὸν βενιαμὴν καὶ ἰ τὴν σκοπιάν

- 23 Tout lòt istwa sou sa wa Asa te fè yo, sou jan li te yon vanyan gason, sou lavil li te bati yo, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. Men, lè l' konmanse granmoun, yon maladi nan pye rann li enfim.
Now the rest of the acts of Asa, and his power, and all he did, and the towns of which he was the builder, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah? But when he was old he had a disease of the feet.
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ἀσα καὶ πᾶσα ἡ δυναστεία αὐτοῦ ἦν ἐποίησεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐστὶν ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ἰουδα πλὴν ἐν τῷ καιρῷ τοῦ γήρωσ αὐτοῦ ἐπόνε σεν τοὺς πόδας αὐτοῦ
- 24 Lè Asa mourì, yo antere l' nan tonm fanmi li nan lavil David la. Se Jozafa, pitit li, ki moute sou fotèy la nan plas li.
So Asa went to rest with his fathers and was put into the earth in the town of David his father: and Jehoshaphat his son became king in his place.
καὶ ἐκοιμήθη ἀσα καὶ θάπτεται μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ ἐν πόλει δαυὶδ καὶ βασιλεύει ἰωσαφατ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 25 ¶ Wa Asa te gen dezan depi li t'ap gouvènen peyi Jida a lè Nadad, pitit gason Jewoboram, moute wa nan peyi Izrayèl. Li gouvènen peyi a pandan dezan ase.
Nadab, the son of Jeroboam, became king over Israel in the second year that Asa was king of Judah; and he was king of Israel for two years.
καὶ ναδαβ υἱὸς ἱεροβοαμ βασιλεύει ἐπὶ ἰσραηλ ἐν ἔτει δευτέρῳ τοῦ ἀσα βασιλέως ἰουδα καὶ ἐβασίλευσεν ἐπὶ ἰσραηλ ἔτη δύο
- 26 Li fè sa ki mal nan je Seyè a. Tankou papa l', li pa t' mache dwat devan Bondye, lèfini li te lakòz pèp la fè sa ki mal tou.
He did evil in the eyes of the Lord, copying the evil ways of his father, and the sin which he did and made Israel do.
καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου καὶ ἐπορεύθη ἐν ὁδοῦ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ἐν ταῖς ἀμαρτίαις αὐτοῦ αἷς ἐξήμαρτεν τὸν ἰσραηλ.
- 27 Bacha, pitit gason Akija, nan branch fanmi Isaka a, moute yon konplo pou touye Nadab. Lè sa a, Nadab ak lame Izrayèl la t'ap sènen lavil Gibetou nan peyi Filisti. Se la Bacha touye Nadab.
And Baasha, the son of Ahijah, of the family of Issachar, made a secret design against him, attacking him at Gibbethon, a town of the Philistines; for Nadab and the armies of Israel were making war on Gibbethon.
καὶ περιεκάθισεν αὐτὸν βαασα υἱὸς ἀχια ἐπὶ τὸν οἶκον βελααν καὶ ἐπάταξεν αὐτὸν ἐν γαβαθων τῇ τῶν ἀλλοφύλων καὶ ναδαβ καὶ πᾶς ἰσραηλ περιεκάθητο ἐπὶ γαβαθων
- 28 Sa rive nan twazyèm lanne rèy wa Asa nan peyi Jida. Se konsa Bacha moute wa peyi Izrayèl nan plas Nadab.
In the third year of the rule of Asa, king of Judah, Baasha put him to death, and became king in his place.
καὶ ἐθανάτωσεν αὐτὸν βαασα ἐν ἔτει τρίτῳ τοῦ ἀσα υἱοῦ ἀβιου βασιλέως ἰουδα καὶ ἐβασίλευσεν
- 29 Rive li rive wa, li touye dènye moun nan fanmi Jewoboram lan. Konsa, dapre pawòl Seyè a te mete nan bouch pwofèt Akija, moun lavil Silo, sèvitè Bondye a, li touye tout moun nan fanmi Jewoboram lan, li pa kite yonn chape.
And straight away when he became king, he sent destruction on all the offspring of Jeroboam; there was not one living person of all the family of Jeroboam whom he did not put to death, so the word of the Lord, which he said by his servant Ahijah the Shilonite, came about;
καὶ ἐγένετο ὡς ἐβασίλευσεν καὶ ἐπάταξεν τὸν οἶκον ἱεροβοαμ καὶ οὐχ ὑπέλειπετο πᾶσαν πνοὴν τοῦ ἱεροβοαμ ἕως τοῦ ἐξολεθρεῦσαι αὐτὸν κατὰ τὸ ῥῆμα κυρίου ὃ ἐλάλησεν ἐν χειρὶ δούλου αὐτοῦ ἀχια τ οὐ σιλωνίτου
- 30 Sa te rive konsa paske Jewoboram te fè sa ki mal, lèfini li te lakòz pèp la fè sa ki mal tou. Se konsa li te fè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache sou li.
Because of the sins which Jeroboam did and made Israel do, moving the Lord, the God of Israel, to wrath.
περὶ τῶν ἀμαρτιῶν ἱεροβοαμ ὡς ἐξήμαρτεν τὸν ἰσραηλ καὶ ἐν τῷ παροργισμῷ αὐτοῦ ᾧ παρώργισεν τὸν κύριον θεὸν τοῦ ἰσραηλ
- 31 Tout lòt bagay Nadab te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.
Now the rest of the acts of Nadab, and all he did, are they not recorded in the book of the history of the kings of Israel?
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ναδαβ καὶ πάντα ἃ ἐποίησεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐστὶν ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ἰσραηλ
- 33 Wa Asa t'ap mache sou twazan depi li t'ap gouvènen peyi Jida a lè Bacha, pitit gason Akija, moute wa nan peyi Izrayèl.
In the third year of the rule of Asa, king of Judah, Baasha, the son of Ahijah, became king over all Israel in Tirzah, and was king for twenty-four years.
καὶ ἐν τῷ ἔτει τῷ τρίτῳ τοῦ ἀσα βασιλέως ἰουδα βασιλεύει βαασα υἱὸς ἀχια ἐπὶ ἰσραηλ ἐν θερσα εἴκοσι καὶ τέσσαρα ἔτη
- 34 Li gouvènen pandan vennkatran nan lavil Tiza. Li te fè sa ki mal devan Seyè a. Tankou Jewoboram, li pa t' mache dwat devan Bondye. Li te lakòz pèp la fè sa ki mal tou.
He did evil in the eyes of the Lord, copying the evil ways of Jeroboam and the sin which he made Israel do.
καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου καὶ ἐπορεύθη ἐν ὁδοῦ ἱεροβοαμ υἱοῦ ναβατ καὶ ἐν ταῖς ἀμαρτίαις αὐτοῦ ὡς ἐξήμαρτεν τὸν ἰσραηλ
- 1 ¶ Seyè a pale ak Jeou, pitit gason Anani. Li ba li mesaj sa a pou Bacha. Li di l' konsa:
And the word of the Lord came to Jehu, son of Hanani, protesting against Baasha and saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου ἐν χειρὶ ἰου υἱοῦ ἀνανι πρὸς βαασα

- 2 -Bacha pa t' anyen menm. Men, mwen mete l' chèf sou pèp mwen an, pèp Izrayèl la. Koulye a menm, li fè tankou Jewoboram, lèfini li lakòz pèp la fè sa ki mal tou. Yo fè m' fache ak peche yo fè yo.
Because I took you up out of the dust, and made you ruler over my people Israel; and you have gone in the ways of Jeroboam, and made my people Israel do evil, moving me to wrath by their sins;
ἀνθ' ὧν ὑψώσα σε ἀπὸ τῆς γῆς καὶ ἔδωκά σε ἡγούμενον ἐπὶ τὸν λαόν μου ἰσραηλ καὶ ἐπορεύθης ἐν τῇ ὁδῷ ἱεροβοαμ καὶ ἐξήμαρτες τὸν λαόν μου τὸν ἰσραηλ τοῦ παροργίσει με ἐν τοῖς ματαίοις αὐτῶν
- 3 Se konsa mwen pral disparèt Bacha ansanm ak tout fanmi li, tankou m' te fè fanmi Jewoboram lan.
Truly, I will see that Baasha and all his family are completely brushed away; I will make your family like the family of Jeroboam, the son of Nebat.
ἰδοὺ ἐγὼ ἐξεργείρω ὀπίσω βαασα καὶ ὀπισθεν τοῦ οἴκου αὐτοῦ καὶ δώσω τὸν οἶκόν σου ὡς τὸν οἶκον ἱεροβοαμ υἱοῦ ναβατ
- 4 Chen pral manje kadav moun nan fanmi li ki va mouri nan lavil la. Malfini karanklou va manje kadav sa ki va mouri andeyò yo.
Anyone of the family of Baasha who comes to death in the town, will become food for the dogs; and he to whom death comes in the open country, will be food for the birds of the air.
τὸν τεθνηκότα τοῦ βαασα ἐν τῇ πόλει καταφάγονται αὐτὸν οἱ κύνες καὶ τὸν τεθνηκότα αὐτοῦ ἐν τῷ πεδίῳ καταφάγονται αὐτὸν τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ
- 5 Tout lòt istwa sou sa Bacha te fè yo, sou jan li te yon vanyan gason, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.
Now the rest of the acts of Baasha, and what he did, and his power, are they not recorded in the book of the history of the kings of Israel?
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων βαασα καὶ πάντα ἃ ἐποίησεν καὶ αἱ δυναστεῖαι αὐτοῦ οὐκ ἰδοὺ ταῦτα γεγραμμένα ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τῶν βασιλέων ἰσραηλ
- 6 Lè Bacha mouri, yo antere l' lavil Tiza. Se Ela, pitit gason l', ki moute wa nan plas li.
And Baasha went to rest with his fathers, and was put into the earth at Tirzah; and Elah his son became king in his place.
καὶ ἐκοιμήθη βαασα μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ θάπτεται ἐν θερσα καὶ βασιλεύει ἡλα υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ ἐν τῷ εἰκοστῷ ἔτει βασιλέως ασα
- 7 Seyè a te bay pwofèt Jeou, pitit gason Anani an, mesaj sa a pou Bacha ak fanmi li poutèt peche Bacha te fè kont Seyè a. Li te fè Seyè a fache sou li non sèlman paske li te fè sa ki mal tankou moun fanmi Jewoboram yo, men tou paske li te touye tout moun nan fanmi Jewoboram lan.
And the Lord sent his word against Baasha and his family by the mouth of the prophet Jehu, the son of Hanani, because of all the evil he did in the eyes of the Lord, moving him to wrath by the work of his hands, because he was like the family of Jeroboam, and because he put it to death.
καὶ ἐν χειρὶ ἰου υἱοῦ ἀνανι ἐλάλησεν κύριος ἐπὶ βαασα καὶ ἐπὶ τὸν οἶκον αὐτοῦ πᾶσαν τὴν κακίαν ἣν ἐποίησεν ἐνώπιον κυρίου τοῦ παροργίσει αὐτὸν ἐν τοῖς ἔργοις τῶν χειρῶν αὐτοῦ τοῦ εἶναι κατὰ τὸ ν οἶκον ἱεροβοαμ καὶ ὑπὲρ τοῦ πατάξει αὐτόν
- 8 Wa Asa t'ap mache sou vennsizan depi li t'ap gouvènen peyi Jida lè Ela, pitit gason Bacha, moute wa peyi Izrayèl la. Li gouvènen pandan dezan lavil Tiza.
In the twenty-sixth year that Asa was king of Judah, Elah, the son of Baasha, became king of Israel in Tirzah, and he was king for two years.
καὶ ἡλα υἱὸς βαασα ἐβασίλευσεν ἐπὶ ἰσραηλ δύο ἔτη ἐν θερσα
- 9 Zimri, yonn nan chèf li yo ki te reskonsab mwaye cha lagè wa a, moute yon konplo kont wa a. Yon jou, Ela te lavil Tiza, li t'ap bwè gwòg lakay Atza ki te reskonsab palè wa a.
And his servant Zimri, captain of half his war-carriages, made secret designs against him: now he was in Tirzah, drinking hard in the house of Arza, controller of the king's house in Tirzah.
καὶ συνέστρεψεν ἐπ' αὐτόν ζαμβρι ὁ ἄρχων τῆς ἡμίσεως τῆς ἵππου καὶ αὐτὸς ἦν ἐν θερσα πίνων μεθύων ἐν τῷ οἴκῳ ὡσα τοῦ οἰκονόμου ἐν θερσα
- 10 Zimri antre nan kay la, li touye wa Ela, li pran plas li sou fotèy la. Tou sa pase nan vennsètèm lanne rèy Asa, wa peyi Jida a.
And Zimri went in and made an attack on him and put him to death, in the twenty-seventh year that Asa was king of Judah, and made himself king in his place.
καὶ εἰσῆλθεν ζαμβρι καὶ ἐπάταξεν αὐτόν καὶ ἐθανάτωσεν αὐτόν καὶ ἐβασίλευσεν ἀντ' αὐτοῦ
- 11 Moute Zimri moute wa, li touye dènye moun nan fanmi Bacha a. Li touye tout gason ki te fanmi l' osinon zanmi l'.
And straight away when he became king and took his place on the seat of the kingdom, he put to death all the family of Baasha: not one male child of his relations or his friends kept his life.
καὶ ἐγενήθη ἐν τῷ βασιλεύσει αὐτόν ἐν τῷ καθίσει αὐτόν ἐπὶ τοῦ θρόνου αὐτοῦ καὶ ἐπάταξεν ὅλον τὸν οἶκον βαασα
- 12 Se konsa Zimri te touye tout fanmi Bacha a, jan Seyè a te mete pawòl la nan bouch pwofèt Jeou a.
So Zimri put to death all the family of Baasha, so that the word which the Lord said against him by the mouth of Jehu the prophet came about;
κατὰ τὸ ῥῆμα ὃ ἐλάλησεν κύριος ἐπὶ τὸν οἶκον βαασα πρὸς ἰου τὸν προφήτην
- 13 Paske Bacha ak Ela, pitit li a, te fè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache ak vye zidòl yo. Yo te peche kont Seyè a, yo te lakòz pèp la fè sa ki mal tou.
Because of all the sins of Baasha, and the sins of Elah his son, which they did and made Israel do, moving the Lord, the God of Israel, to wrath by their foolish acts.
περὶ πασῶν τῶν ἁμαρτιῶν βαασα καὶ ἡλα τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ ὡς ἐξήμαρτεν τὸν ἰσραηλ τοῦ παροργίσει κύριον τὸν θεὸν ἰσραηλ ἐν τοῖς ματαίοις αὐτῶν
- 14 Tout lòt bagay Ela te fè yo, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl la.
Now the rest of the acts of Elah, and all he did, are they not recorded in the book of the history of the kings of Israel?
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ἡλα καὶ πάντα ἃ ἐποίησεν οὐκ ἰδοὺ ταῦτα γεγραμμένα ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τῶν βασιλέων ἰσραηλ

- 15 ¶ Wa Asa t'ap mache sou vennsetan depi li t'ap gouvènen peyi Jida a, lè Zimri pran pouvwa a pou sèt grenn jou lavil Tiza nan peyi Izrayèl. Lè sa a, lame pèp Izrayèl la t'ap sènen lavil Gibeton nan peyi Filisti.
In the twenty-seventh year of Asa, king of Judah, Zimri was king for seven days in Tirzah. Now the people were attacking Gibbethon in the land of the Philistines.
καὶ ζαμβρι ἐβασίλευσεν ἑπτὰ ἡμέρας ἐν θερσα καὶ ἡ παρεμβολὴ ἰσραηλ ἐπὶ γαβαθων τὴν τῶν ἀλλοφύλων
- 16 Lè sòlda yo pran nouvèl Zimri te fè konplo sou wa a, li te menm touye l', lapoula yo nonmen Omri, kòmandan lame a, wa peyi Izrayèl.
And news came to the people in the tents that Zimri had made a secret design and had put the king to death: so all Israel made Omri, the captain of the army, king that day in the tents.
καὶ ἤκουσεν ὁ λαὸς ἐν τῇ παρεμβολῇ λεγόντων συνεστράφη ζαμβρι καὶ ἔπαισεν τὸν βασιλεῦσα καὶ ἐβασίλευσαν ἐν ἰσραηλ τὸν αμβρι τὸν ἠγούμενον τῆς στρατιᾶς ἐπὶ ἰσραηλ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐν τῇ παρεμβολῇ
- 17 Omri kite lavil Gibeton ansanm ak tout lame a, li moute, l' al sènen lavil Tiza.
Then Omri went up from Gibbethon, with all the army of Israel, and they made an attack on Tirzah, shutting in the town on every side.
καὶ ἀνέβη αμβρι καὶ πᾶς ἰσραηλ μετ' αὐτοῦ ἐκ γαβαθων καὶ περιεκάθισαν ἐπὶ θερσα
- 18 Lò Zimri wè lavil la tapral tonbe nan men Omri, li antre nan ti fò ki sou tèt palè wa a, li mete dife nan palè a, epi li mouri nan dife a.
And when Zimri saw that the town was taken, he went into the inner room of the king's house, and burning the house over his head, came to his end,
καὶ ἐγενήθη ὡς εἶδεν ζαμβρι ὅτι προκατείλημπα αὐτοῦ ἡ πόλις καὶ εἰσπορεύεται εἰς ἄντρον τοῦ οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ ἐνεπύρισεν ἐπ' αὐτὸν τὸν οἶκον τοῦ βασιλέως ἐν πυρὶ καὶ ἀπέθανεν
- 19 Sa te pase konsa paske Zimri te fè sa ki mal nan je Seyè a. Tankou Jewoboram, li pa t' fè sa ki dwat devan Seyè a, li te lakòz pèp Izrayèl la fè peche tou.
Because of his sin in doing evil in the eyes of the Lord, in going in the way of Jeroboam and in his sin which he made Israel do.
ὕπερ τῶν ἀμαρτιῶν αὐτοῦ ὧν ἐποίησεν τοῦ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου πορευθῆνα ἐν ὁδῷ ἱεροβοαμ υἱοῦ ναβατ καὶ ἐν ταῖς ἀμαρτίαις αὐτοῦ ὡς ἐξῆμαρτεν τὸν ἰσραηλ
- 20 Tout lòt bagay Zimri te fè ak istwa konplo li te moute a, n'a jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.
Now the rest of the acts of Zimri, and the secret design he made, are they not recorded in the book of the history of the kings of Israel?
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ζαμβρι καὶ τὰς συνάψεις αὐτοῦ ἅς συνῆψεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τῶν βασιλέων ἰσραηλ
- 21 Lè sa a, moun peyi Izrayèl yo te fè de kan: Mwatye ladan yo te vle fè Tibni, pitit gason Genat la, wa. Mwatye te pou Omri.
Then there was a division among the people of Israel; half the people were for making Tibni, son of Ginath, king, and half were supporting Omri.
τότε μερίζεται ὁ λαὸς ἰσραηλ ἡμισυ τοῦ λαοῦ γίνεται ὀπίσω θαμνι υἱοῦ γωναθ τοῦ βασιλεῦσαι αὐτόν καὶ τὸ ἡμισυ τοῦ λαοῦ γίνεται ὀπίσω αμβρι
- 22 Patizan Omri yo kraze patizan Tibni, pitit gason Genat la. Tibni mouri, Omri moute wa.
But the supporters of Omri overcame those who were on the side of Tibni, the son of Ginath; and death came to Tibni and to his brother Joram at that time: and Omri became king in the place of Tibni.
ὁ λαὸς ὁ ὢν ὀπίσω αμβρι ὑπερεκράτησεν τὸν λαὸν τὸν ὀπίσω θαμνι υἱοῦ γωναθ καὶ ἀπέθανεν θαμνι καὶ ἰωραμ ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ καὶ ἐβασίλευσεν αμβρι μετὰ θαμνι
- 23 Se konsa nan trantheyenyèm lanne rèy Asa, wa peyi Jida, Omri moute wa peyi Izrayèl. Li gouvènen peyi a pandan douzan. Pandan sizan, li gouvènen nan lavil Tiza.
In the thirty-first year of Asa, king of Judah, Omri became king over Israel, and he was king for twelve years; for six years he was ruling in Tirzah.
ἐν τῷ ἔτει τῷ τριακοστῷ καὶ πρώτῳ τοῦ βασιλέως ασα βασιλεύει αμβρι ἐπὶ ἰσραηλ δώδεκα ἔτη ἐν θερσα βασιλεύει ἕξ ἔτη
- 24 Apre sa, li achte mòn Samari a pou simil (6.000) pyès ajan nan men yon nonm yo te rele Chemè. Omri bati yon lavil sou tèt mòn lan, li rele l' Samari, dapre non Chemè, ansyen mèt tè a.
He got the hill Samaria from Shemer for the price of two talents of silver, and he made a town there, building it on the hill and naming it Samaria, after Shemer the owner of the hill.
καὶ ἐκτήσατο αμβρι τὸ ὄρος τὸ σεμερων παρὰ σεμηρ τοῦ κυρίου τοῦ ὄρους δύο ταλάντων ἀργυρίου καὶ ὠκοδόμησεν τὸ ὄρος καὶ ἐπεκάλεσεν τὸ ὄνομα τοῦ ὄρους οὗ ὠκοδόμησεν ἐπὶ τῷ ὀνόματι σεμηρ τοῦ κυρίου τοῦ ὄρους σεμερων
- 25 Omri fè sa ki mal nan je Seyè a. Li fè pi mal pase moun ki te chèf anvan l' yo.
And Omri did evil in the eyes of the Lord, even worse than all those before him,
καὶ ἐποίησεν αμβρι τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου καὶ ἐπονηρεύσατο ὑπερ πάντας τοὺς γενομένους ἔμπροσθεν αὐτοῦ
- 26 Li mache pye pou pye deyè Jewoboram, pitit Nebat la: li fè sa ki mal, li lakòz pèp la fè sa ki mal tou. Se konsa yo te fè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache ak vye zidòl yo.
Copying all the evil ways of Jeroboam, the son of Nebat, and all the sins he did and made Israel do, moving the Lord, the God of Israel, to wrath by their foolish ways.
καὶ ἐπορεύθη ἐν πάσῃ ὁδῷ ἱεροβοαμ υἱοῦ ναβατ καὶ ἐν ταῖς ἀμαρτίαις αὐτοῦ αἷς ἐξῆμαρτεν τὸν ἰσραηλ τοῦ παροργίσει τὸν κύριον θεὸν ἰσραηλ ἐν τοῖς ματαίοις αὐτῶν
- 27 Tout lòt istwa sou sa Omri te fè yo, sou jan li te yon vanyan gason, n'a jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Izrayèl yo.
Now the rest of the acts which Omri did, and his great power, are they not recorded in the book of the history of the kings of Israel?
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων αμβρι καὶ πάντα ἃ ἐποίησεν καὶ ἡ δυναστεία αὐτοῦ οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τῶν βασιλέων ἰσραηλ

- 28 Lè Omri mourì, yo antere l' lavil Samari. Se Akab, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li.
So Omri went to rest with his fathers, and was put into the earth in Samaria; and Ahab his son became king in his place.
 και ἐκοιμήθη αμβρι μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ θάπτεται ἐν σαμαρείᾳ καὶ βασιλεύει αχααβ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ [28α] καὶ ἐν τῷ ἐνιαυτῷ τῷ ἑνδεκάτῳ τοῦ αμβρι βασιλεύει ιωσαφατ υἱὸς ασα ἐτῶν τριάκοντα καὶ πέντε ἐν τῇ βασιλείᾳ αὐτοῦ καὶ εἴκοσι πέντε ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ γαζουβα θυγάτηρ σελεῖ [28β] καὶ ἐπορεύθη ἐν τῇ ὁδῷ ασα τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ οὐκ ἐξέκλινεν ἀπ' αὐτῆς τοῦ ποιεῖν τὸ εὐθεὸς ἐνώπιον κυρίου πλὴν τῶν ὑψηλῶν οὐκ ἐξήραν ἔθουον ἐν τοῖς ὑψηλοῖς καὶ ἐθυμίον [28ξ] καὶ ἂ συνέθετο ιωσαφατ καὶ πᾶσα ἡ δυναστεία ἣν ἐποίησεν καὶ οὐς ἐπολέμησεν οὐκ ἰδοὺ ταῦτα γεγραμμένα ἐν βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τῶν βασιλέων ἰουδα [28δ] καὶ τὰ λοιπὰ τῶν συμπλοκῶν ἃς ἐπέθεντο ἐν ταῖς ἡμέραις ασα τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐξήρην ἀπὸ τῆς γῆς [28ε] καὶ βασιλεὺς οὐκ ἦν ἐν συρίᾳ νασιβ [28φ] καὶ ὁ βασιλεὺς ιωσαφατ ἐποίησεν ναῦν εἰς θαρσις πορεύεσθαι εἰς σωφίρ ἐπὶ τὸ χρυσίον καὶ οὐκ ἐπορεύθη ὅτι συνετρίβη ἡ ναὺς ἐν γασιωνγαβερ [28γ] τότε εἶπεν ὁ βασιλεὺς ἰσραὴλ πρὸς ιωσαφατ ἐξαποστελῶ τοὺς παῖδάς σου καὶ τὰ παιδιάρια μου ἐν τῇ νηὶ καὶ οὐκ ἐβούλετο ιωσαφατ [28η] καὶ ἐκοιμήθη ιωσαφατ μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ θάπτεται αὐτὸς μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ ἐν πόλει δαυὶδ καὶ ἐβασίλευσεν ιωραμ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 29 ¶ Wa Asa te gen trantwitan depi li t'ap gouvènen peyi Jida a lè Akab, pitit Omri a, moute wa peyi Izrayèl. Pandan venndezan li gouvènen peyi Izrayèl nan lavil Samari.
In the thirty-eighth year that Asa was king of Judah, Ahab, the son of Omri, became king over Israel; and Ahab was king in Samaria for twenty-two years.
 ἐν ἔτει δευτέρῳ τῷ ιωσαφατ βασιλεύει αχααβ υἱὸς αμβρι ἐβασίλευσεν ἐπὶ ἰσραὴλ ἐν σαμαρείᾳ εἴκοσι καὶ δύο ἔτη
- 30 Li fè sa ki mal nan je Seyè a. Li fè pi mal pase tout moun ki te chèf anvan l' yo.
And Ahab, the son of Omri, did evil in the eyes of the Lord, even worse than all who went before him.
 καὶ ἐποίησεν αχααβ τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου ἐπονηρεύσατο ὑπὲρ πάντας τοὺς ἔμπροσθεν αὐτοῦ
- 31 Non sèlman li te fè tankou Jewoboram, pitit Nebat la, men l' ale pi lwen toujou. Li marye ak Jezabel, pitit fi Elbaal, wa peyi Sidon. Li pran sèvi Baal, l' al met ajenou devan li.
And as if copying the evil ways of Jeroboam, the son of Nebat, was a small thing for him, he took as his wife Jezebel, daughter of Ethbaal, king of Zidon, and became a servant and worshipper of Baal.
 καὶ οὐκ ἦν αὐτῷ ἰκανὸν τοῦ πορεύεσθαι ἐν ταῖς ἀμαρτίαις ἱεροβοαμ υἱοῦ ναβατ καὶ ἔλαβεν γυναῖκα τὴν ιεζαβελ θυγατέρα ἰεθεβααλ βασιλέως σιδωνίων καὶ ἐπορεύθη καὶ ἐδούλευσεν τῷ βααλ καὶ προσκύνησεν αὐτῷ
- 32 Nan mitan lavil Samari, li bati yon tanp pou Baal, li mete yon lotèl ladan l'.
And he put up an altar for Baal in the house of Baal which he had made in Samaria.
 καὶ ἔστησεν θυσιαστήριον τῷ βααλ ἐν οἴκῳ τῶν προσοχθισμάτων αὐτοῦ ὃν ᾠκοδόμησεν ἐν σαμαρείᾳ
- 33 Li fè yon estati pou Astate tou. Li fè pi mal pase tout lòt wa peyi Izrayèl ki te pase anvan l' yo pou fè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, fache.
And Ahab made an image of Asherah and did more than all the kings of Israel before him to make the Lord, the God of Israel, angry.
 καὶ ἐποίησεν αχααβ ἄλσος καὶ προσέθηκεν αχααβ τοῦ ποιῆσαι παροργίσματα τοῦ παροργίσει τὴν ψυχὴν αὐτοῦ τοῦ ἐξολεθρευθῆναι ἐκακοποίησεν ὑπὲρ πάντας τοὺς βασιλεῖς ἰσραὴλ τοὺς γενομένους ἔμπροσθεν αὐτοῦ
- 34 Se pandan rèy Akab la, yon nonm yo rele Iyèl, moun lavil Betèl, rebati lavil Jeriko. Men, pawòl Seyè a te di Jozye, pitit Noun lan, rive vre. Abiram, premye pitit Iyèl la, mourì lè yo t'ap fouye fondasyon lavil la, lèfini Segoub, dezyèm pitit gason Iyèl la, mourì lè yo t'ap moute pòtay lavil la.
In his days Hiel made Jericho; he put its base in position at the price of Abiram, his oldest son, and he put its doors in place at the price of his youngest son Segub; even as the Lord had said by Joshua, the son of Nun.
 ἐν ταῖς ἡμέραις αὐτοῦ ᾠκοδόμησεν αχιλ ὁ βαιθηλίτης τὴν ἱερὴν ἐν τῷ αβιρων τῷ πρωτοτόκῳ αὐτοῦ ἐθεμελίωσεν αὐτὴν καὶ τῷ σεγουβ τῷ νεωτέρῳ αὐτοῦ ἐπέστησεν θύρας αὐτῆς κατὰ τὸ ῥῆμα κυρίου ὃ ἐλάλησεν ἐν χειρὶ ἰησοῦ υἱοῦ ναυη
- 1 ¶ Yon pwofèt yo te rele Eli, moun lavil Tichbe nan zòn Galarad, di wa Akab konsa: -Nan non Seyè m'ap sèvi a, Bondye vivan pèp Izrayèl la, men sa m'ap di ou: Pandan lanne k'ap vini yo, p'ap gen lawouze, p'ap gen lapli si se pa mwen ki mande sa.
And Elijah the Tishbite, of Tishbe in Gilead, said to Ahab, By the living Lord, the God of Israel, whose servant I am, there will be no dew or rain in these years, but only at my word.
 καὶ εἶπεν ἠλιου ὁ προφήτης ὁ θεσβίτης ἐκ θεσβων τῆς γαλααδ πρὸς αχααβ ζῆ κύριος ὁ θεὸς τῶν δυνάμεων ὁ θεὸς ἰσραὴλ ᾧ παρέστην ἐνώπιον αὐτοῦ εἰ ἔσται τὰ ἔτη ταῦτα δρόσος καὶ ὑετὸς ὅτι εἰ μὴ δὲ τὰ στόματος λόγου μου
- 2 Apre sa, Seyè a pale ak Eli, li di l' konsa:
Then the word of the Lord came to him, saying,
 καὶ ἐγένετο ῥῆμα κυρίου πρὸς ἠλιου
- 3 -Kite kote ou ye a, ale nan direksyon solèy leve. Al kache toupre ravin Kerit la ki sou bò solèy leve larivyè Jouden.
Go from here in the direction of the east, and keep yourself in a secret place by the stream Cherith, east of Jordan.
 πορεύου ἐντεῦθεν κατὰ ἀνατολὰς καὶ κρύβηθι ἐν τῷ χειμάρρῳ χορραθ τοῦ ἐπὶ προσώπου τοῦ ἰορδάνου

- 4 W'a jwenn dlo nan ravin lan pou ou bwè. Mwen bay kaou yo lòd pou yo pote manje ba ou.
The water of the stream will be your drink, and by my orders the ravens will give you food there.
καὶ ἔσται ἐκ τοῦ χειμάρρου πίεσαι ὕδωρ καὶ τοῖς κόραξιν ἐντελοῦμαι διατρέφειν σε ἐκεῖ
- 5 Eli fè sa Seyè a te di l' fè a. Li pati, l' al rete toupren ravin Kerit la.
So he went and did as the Lord said, living by the stream Cherith, east of Jordan.
καὶ ἐποίησεν ἡλιου κατὰ τὸ ῥῆμα κυρίου καὶ ἐκάθισεν ἐν τῷ χειμάρρῳ χορραθ ἐπὶ προσώπου τοῦ ἰορδάνου
- 6 Kaou yo pote pen ak vyann pou li chak maten, chak aswè. Li te jwenn dlo pou l' bwè nan ravin lan.
And the ravens took him bread in the morning and meat in the evening; and the water of the stream was his drink.
καὶ οἱ κόρακες ἔφερον αὐτῷ ἄρτους τὸ πρωὶ καὶ κρέα τὸ δεῖλης καὶ ἐκ τοῦ χειμάρρου ἔπινεν ὕδωρ
- 7 Kèk tan apre sa, ravin lan vin chèch, paske lapli pa t' tonbe nan peyi a.
Now after a time the stream became dry, because there was no rain in the land.
καὶ ἐγένετο μετὰ ἡμέρας καὶ ἐξηράνη ὁ χειμάρρος ὅτι οὐκ ἐγένετο ὑετὸς ἐπὶ τῆς γῆς
- 8 ¶ Lè sa a, Seyè a pale ak Eli, li di l' konsa:
Then the word of the Lord came to him, saying,
καὶ ἐγένετο ῥῆμα κυρίου πρὸς ἡλιου
- 9 -Leve non! Ale lavil Sarepta, nan peyi wa Sidon an. Se la ou pral rete koulye a. Mwen bay yon fanm vè ki rete laba a lòd pou li ba ou manje.
Up! go now to Zarephath, in Zidon, and make your living-place there; I have given orders to a widow woman there to see that you have food.
ἀνάστηθι καὶ πορεύου εἰς σαρπητα τῆς σιδωνίας ἰδοὺ ἐντέταλμαι ἐκεῖ γυναικὶ χήρᾳ τοῦ διατρέφειν σε
- 10 Se konsa Eli leve vre, li pati pou lavil Sarepta. Lè li rive bò pòtay lavil la, li wè yon fanm vè ki t'ap ranmase bwa. Li rele l', li di l' konsa: -Tanpri, pote ti gout dlo nan yon veso pou m' bwè.
So he got up and went to Zarephath; and when he came to the door of the town, he saw a widow woman getting sticks together; and crying out to her he said, Will you give me a little water in a vessel for my drink?
καὶ ἀνέστη καὶ ἐπορεύθη εἰς σαρπητα εἰς τὸν πυλῶνα τῆς πόλεως καὶ ἰδοὺ ἐκεῖ γυνὴ χήρα συνέλεγεν ξύλα καὶ ἐβόησεν ὀπίσω αὐτῆς ἡλιου καὶ εἶπεν αὐτῇ λαβὲ δὴ μοι ὀλίγον ὕδωρ εἰς ἄγγος καὶ πίομαι
- 11 Madanm lan fè sa pou l' al chache dlo a, Eli rele l' ankò, li di l' konsa: -Tanpri, pote yon moso pen pou mwen tou.
And when she was going to get it, he said to her, And get me with it a small bit of bread.
καὶ ἐπορεύθη λαβεῖν καὶ ἐβόησεν ὀπίσω αὐτῆς ἡλιου καὶ εἶπεν λήμψη δὴ μοι ψωμῶν ἄρτου ἐν τῇ χειρὶ σου
- 12 Madanm lan reponn li: -Mwen pran Seyè a, Bondye ou la ki vivan an, pou temwen, mwen pa gen pen tou kwit lakay mwen. Tou sa m' genyen se yon ponyen farin frans nan yon ti bòl ak tigout lwil nan yon boutèy. Mwen vin ranmase de ti bwa la a pou m' al pare ti sa ki rete m' lan pou mwen ak pitit gason m' lan. Lè n'a fin manje l', nou pral rete konsa jouk grangou touye nou.
Then she said, By the life of the Lord your God, I have nothing but a little meal in my store, and a drop of oil in the bottle; and now I am getting two sticks together so that I may go in and make it ready for me and my son, so that we may have a meal before our death.
καὶ εἶπεν ἡ γυνὴ ζῆ κύριος ὁ θεός σου εἰ ἔστιν μοι ἐγκρυφίας ἀλλ' ἢ ὅσον δρᾶξ ἀλεύρου ἐν τῇ ὑδρίᾳ καὶ ὀλίγον ἔλαιον ἐν τῷ καψάκῃ καὶ ἰδοὺ ἐγὼ συλλέγω δύο ξυλάρια καὶ εἰσελεύσομαι καὶ ποιήσω αὐτὸ ἐμαυτῇ καὶ τοῖς τέκνοις μου καὶ φαγόμεθα καὶ ἀποθανοῦμεθα
- 13 Eli di li: -Pa bat kò ou! Ale pare ti manje ou la! Sèlman fè yon ti pen pou mwen anvan, epi pote l' vini. Apre sa, w'a fè yonn pou ou ak pitit gason ou lan.
And Elijah said to her, Have no fear; go and do as you have said, but first make me a little cake of it and come and give it to me, and then make something for yourself and your son.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὴν ἡλιου θάρσει εἰσελθε καὶ ποιήσον κατὰ τὸ ῥῆμά σου ἀλλὰ ποιήσον ἐμοὶ ἐκεῖθεν ἐγκρυφίαν μικρὸν ἐν πρώτοις καὶ ἐξοίσεις μοι σαυτῇ δὲ καὶ τοῖς τέκνοις σου ποιήσεις ἐπ' ἐσχάτου
- 14 Paske men pawòl Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Ti bòl farin frans lan ak ti boutèy lwil oliv la p'ap janm vid jouk jou mwen menm Seyè a m'a fè lapli tonbe sou latè ankò.
For this is the word of the Lord, the God of Israel: The store of meal will not come to an end, and the bottle will never be without oil, till the day when the Lord sends rain on the earth.
ὅτι τάδε λέγει κύριος ὁ ὑδρία τοῦ ἀλεύρου οὐκ ἐκλείψει καὶ ὁ καψάκης τοῦ ἔλαιου οὐκ ἐλαττονήσκει ἕως ἡμέρας τοῦ δοῦναι κύριον τὸν ὑετὸν ἐπὶ τῆς γῆς
- 15 Madanm lan ale, li fè sa Eli te di l' fè a. Se konsa pandan lontan, ni madanm lan, ni pitit gason l' lan, ni Eli, yo tout jwenn manje pou yo manje.
So she went and did as Elijah said; and she and he and her family had food for a long time.
καὶ ἐπορεύθη ἡ γυνὴ καὶ ἐποίησεν καὶ ἦσθιεν αὐτῇ καὶ αὐτὸς καὶ τὰ τέκνα αὐτῆς
- 16 Te toujou gen farin frans nan ti bòl la ak lwil oliv nan ti boutèy la, jan Seyè a te mete pawòl la nan bouch pwofèt Eli.
The store of meal did not come to an end, and the bottle was never without oil, as the Lord had said by the mouth of Elijah.
καὶ ἡ ὑδρία τοῦ ἀλεύρου οὐκ ἐξέλιπεν καὶ ὁ καψάκης τοῦ ἔλαιου οὐκ ἐλαττωνώθη κατὰ τὸ ῥῆμα κυρίου ὃ ἐλάλησεν ἐν χειρὶ ἡλιου

- 17 ¶ Kèk tan apre sa, pitit gason metrès kay la tonbe malad. Maladi a vini pi mal sou li jouk li mourì.
Now after this, the son of the woman of the house became ill, so ill that there was no breath in him.
καὶ ἐγένετο μετὰ ταῦτα καὶ ἠρρώστησεν ὁ υἱὸς τῆς γυναῖκος τῆς κυρίας τοῦ οἴκου καὶ ἦν ἡ ἀρρωστία αὐτοῦ κραταῖα σφόδρα ἕως οὗ οὐχ ὑπελείφθη ἐν αὐτῷ πνεῦμα
- 18 Madanm lan di Eli konsa: -Sèvitè Bondye, poukisa ou fè m' sa? Ou vin lakay mwen pou fè Bondye chonje peche m' yo, pou fè pitit gason m' lan mourì.
And she said to Elijah, What have I to do with you, O man of God? have you come to put God in mind of my sin, and to put my son to death?
καὶ εἶπεν πρὸς ἡλίου τί ἐμοὶ καὶ σοὶ ἄνθρωπε τοῦ θεοῦ εἰσῆλθες πρὸς με τοῦ ἀναμνησαί τὰς ἀδικίας μου καὶ θανατῶσαι τὸν υἱὸν μου
- 19 Eli reponn: -Ban m' pitit la. Li pran ti gason an nan men manman l', li moute avè l' nan pyès chanm anwo kay la kote li te rete a, li mete l' kouche sou kabann li.
And he said to her, Give your son to me. And lifting him out of her arms, he took him up to his room and put him down on his bed.
καὶ εἶπεν ἡλίου πρὸς τὴν γυναῖκα δός μοι τὸν υἱὸν σου καὶ ἔλαβεν αὐτὸν ἐκ τοῦ κόλπου αὐτῆς καὶ ἀνήνεγκεν αὐτὸν εἰς τὸ ὑπερφῶν ἐν ᾧ αὐτὸς ἐκάθητο ἐκεῖ καὶ ἐκοίμισεν αὐτὸν ἐπὶ τῆς κλίνης αὐτοῦ
- 20 Apre sa, li lapriyè, li di: -Seyè, Bondye mwen, poukisa pou ou fè vè sa a tout lapenn sa a? Li resewa m' lakay li, men w'ap pran pitit li.
And crying to the Lord he said, O Lord my God, have you sent evil even on the widow whose guest I am, by causing her son's death?
καὶ ἀνεβόησεν ἡλίου καὶ εἶπεν οἰμμοὶ κύριε ὁ μάρτυς τῆς χάριτος μεθ' ἧς ἐγὼ κατοικῶ μετ' αὐτῆς σὺ κεκάκωκας τοῦ θανατῶσαι τὸν υἱὸν αὐτῆς
- 21 Eli kouche twa fwa sou pitit la, li lapriyè. Li di: -Seyè, Bondye mwen, tanpri, bay pitit la lavi ankò.
And stretching herself out on the child three times, he made his prayer to the Lord, saying, O Lord my God, be pleased to let this child's life come back to him again.
καὶ ἐνεφύσησεν τῷ παιδαρίῳ τρίς καὶ ἐπεκαλέσατο τὸν κύριον καὶ εἶπεν κύριε ὁ θεὸς μου ἐπιστραφήτω δὴ ἡ ψυχὴ τοῦ παιδαρίου τούτου εἰς αὐτόν
- 22 Seyè a koute lapriyè Eli a, li bay pitit la lavi ankò. Ti gason an rekonmanse pran souf.
And the Lord gave ear to the voice of Elijah, and the child's spirit came into him again, and he came back to life.
καὶ ἐγένετο οὕτως καὶ ἀνεβόησεν τὸ παιδάριον
- 23 Eli pran ti bway la, li desann anba avè l', li remèt li bay manman l', li di l': -Gade! Ti gason ou lan vivan!
And Elijah took the child down from his room into the house and gave him to his mother and said to her, See, your son is living.
καὶ κατήγαγεν αὐτὸν ἀπὸ τοῦ ὑπερφῶν εἰς τὸν οἶκον καὶ ἔδωκεν αὐτὸν τῇ μητρὶ αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἡλίου βλέπε ζῆ ὁ υἱός σου
- 24 Madanm lan reponn: -Koulye a mwen wè se you sèvite Bondye ou ye vre. Pawòl nan bouch ou se pawòl Bondye vre.
Then the woman said to Elijah, Now I am certain that you are a man of God, and that the word of the Lord in your mouth is true.
καὶ εἶπεν ἡ γυνὴ πρὸς ἡλίου ἰδοὺ ἔγνωκα ὅτι ἄνθρωπος θεοῦ εἶ σὺ καὶ ῥῆμα κυρίου ἐν στόματι σου ἀληθινόν
- 1 ¶ Apre sa, kèk tan pase. Chechrès la t'ap mache sou twazan depi li t'ap bat peyi a. Lè sa a, Seyè a pale ak Eli, li di l' konsa: -Al parèt devan wa Akab. Mwen pral fè lapli tonbe.
Now after a long time, the word of the Lord came to Elijah, in the third year, saying, Go and let Ahab see you, so that I may send rain on the earth.
καὶ ἐγένετο μεθ' ἡμέρας πολλὰς καὶ ῥῆμα κυρίου ἐγένετο πρὸς ἡλίου ἐν τῷ ἐνιαυτῷ τῷ τρίτῳ λέγων πορεύθητι καὶ ὄφθητι τῷ αχααβ καὶ δώσω ὑετὸν ἐπὶ πρόσωπον τῆς γῆς
- 2 Eli pati pou l' al devan wa Akab. Grangou a te rèd anpil pou moun lavil Samari yo.
So Elijah went to let Ahab see him. Now there was no food to be had in Samaria.
καὶ ἐπορεύθη ἡλίου τοῦ ὄφθῆναι τῷ αχααβ καὶ ἡ λιμὸς κραταῖα ἐν σαμαρείᾳ
- 3 Akab te fè rele Abdyas ki te reskonsab palè a. Abdyas sa a te sèvi Seyè a ak tout kè li.
And Ahab sent for Obadiah, the controller of the king's house. (Now Obadiah had the fear of the Lord before him greatly;
καὶ ἐκάλεσεν αχααβ τὸν ἀβδιου τὸν οἰκονόμον καὶ ἀβδιου ἦν φοβούμενος τὸν κύριον σφόδρα
- 4 Lè larenn Jezabel t'ap fè touye pwofèt Seyè yo, li menm Abdyas te sove san (100) ladan yo. Li te kache yo nan de gwòt, li te mete senkant nan chak gwòt. Lèfini, li ba yo manje, li ba yo bwè.
For when Jezebel was cutting off the prophets of the Lord, Obadiah took a hundred of them, and kept them secretly in a hole in the rock, fifty at a time, and gave them bread and water.)
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ τῷπτεν τὴν ιεζαβελ τοὺς προφήτας κυρίου καὶ ἔλαβεν ἀβδιου ἑκατὸν ἄνδρας προφήτας καὶ ἔκρυπεν αὐτοὺς κατὰ πενήτηκοντα ἐν σπηλαίῳ καὶ διέτρεφεν αὐτοὺς ἐν ἄρτῳ καὶ ὕδατι
- 5 Akab te di Abdyas: -Nou pral mache nan tout peyi a, nou pral gade bò tout sous dlo, nan tout ravin kote nou ka jwenn zèb pou bay chwal yo ak milèt yo. Konsa nou p'ap bezwen touye ladan yo.
And Ahab said to Obadiah, Come, let us go through all the country, to all the fountains of water and all the rivers, and see if there is any grass to be had for the horses and the transport beasts, so that we may be able to keep some of the beasts from destruction.
καὶ εἶπεν αχααβ πρὸς ἀβδιου δεῦρο καὶ διέλθωμεν ἐπὶ τὴν γῆν ἐπὶ πηγὰς τῶν ὑδάτων καὶ ἐπὶ χειμάρρους ἐάν πως εὔρωμεν βοτάνην καὶ περιποιησόμεθα ἵππους καὶ ἡμίονους καὶ οὐκ ἐξολοθρευθήσονται ἀπὸ τῶν κτηνῶν

- 6 Yo separe peyi a fè de zòn, yo chak pran yon zòn pou yo mache al chache zèb. Se konsa Akab pran yon chemen, Abdyas pran yon lòt chemen.
So they went through all the country, covering it between them; Ahab went in one direction by himself, and Obadiah went in another by himself.
καὶ ἐμέρισαν ἑαυτοῖς τὴν ὁδὸν τοῦ διελθεῖν αὐτὴν ἀχααβ ἐπορεύθη ἐν ὁδῷ μιᾷ μόνος καὶ ἀβδίου ἐπορεύθη ἐν ὁδῷ ἄλλῃ μόνος
- 7 Antan Abdyas ap mache konsa, li tonbe bab pou bab ak Eli. Li rekonèt li, li bese tèt li jouk atè devan li. Li mande l': -Se ou menm vre, Eli, mèt mwen?
And while Obadiah was on his way, he came face to face with Elijah; and seeing who it was, he went down on his face and said, Is it you, my lord Elijah?
καὶ ἦν ἀβδίου ἐν τῇ ὁδῷ μόνος καὶ ἦλθεν ἡλιου εἰς συνάντησιν αὐτοῦ μόνος καὶ ἀβδίου ἔσπευσεν καὶ ἔπεσεν ἐπὶ πρόσωπον αὐτοῦ καὶ εἶπεν εἰ σὺ εἶ αὐτός κύριέ μου ἡλιου
- 8 Eli reponn: -Wi, se mwen! Ale di wa a, mèt ou a, men m' isit la!
And Elijah in answer said, It is I; now go and say to your lord, Elijah is here.
καὶ εἶπεν ἡλιου αὐτῷ ἐγὼ πορεύου λέγε τῷ κυρίῳ σου ἰδοὺ ἡλιου
- 9 Abdyas reponn: -Kisa m' fè ki mal pou ou voye m' al chache lanmò nan men wa Akab?
And he said, What sin have I done, that you would give up your servant into the hand of Ahab, and be the cause of my death?
καὶ εἶπεν ἀβδίου τί ἡμάρτηκα ὅτι δίδως τὸν δοῦλόν σου εἰς χεῖρα ἀχααβ τοῦ θανατῶσαί με
- 10 Mwen pran Seyè ki vivan an, Bondye ou la, pou temwen, pa gen peyi sou latè kote wa a pa fè chache ou. Chak fwa nan yon peyi yo di l' ou pa lakay yo, wa Akab te fòse chèf la ak tout pèp la fè sèman yo pa t' jwenn ou.
By the life of the Lord your God, there is not a nation or kingdom where my lord has not sent in search of you; and when they said, He is not here; he made them take an oath that they had not seen you.
ζῆ κύριος ὁ θεός σου εἰ ἔστιν ἔθνος ἢ βασιλεία οὗ οὐκ ἀπέσταλκεν ὁ κύριός μου ζητεῖν σε καὶ εἶπον οὐκ ἔστιν καὶ ἐνέπρησεν τὴν βασιλείαν καὶ τὰς χώρας αὐτῆς ὅτι οὐχ εὔρηκέν σε
- 11 Epi, koulye a ou vle pou m' al di li men ou isit la?
And now you say, Go, say to your lord, Elijah is here.
καὶ νῦν σὺ λέγεις πορεύου ἀνάγγελλε τῷ κυρίῳ σου ἰδοὺ ἡλιου
- 12 Bon, vire m' vire do m' ale la a, si lespri Seyè a pran ou, li pote ou yon kote m' pa konnen, lè m'a di wa Akab ou isit la, lè l'a vini li pa wè ou, l'ap touye m'. Chonje mwen menm m'ap sèvi Seyè a ak krentif depi mwen piti.
And straight away, when I have gone from you, the spirit of the Lord will take you away, I have no idea where, so that when I come and give word to Ahab, and he sees you not, he will put me to death: though I, your servant, have been a worshipper of the Lord from my earliest years.
καὶ ἔσται ἐὰν ἐγὼ ἀπέλω ἀπὸ σοῦ καὶ πνεῦμα κυρίου ἀρεῖ σε εἰς γῆν ἣν οὐκ οἶδα καὶ εἰσελεύσομαι ἀπαγγεῖλαι τῷ ἀχααβ καὶ ἀποκτενεῖ με καὶ ὁ δοῦλός σου ἔστιν φοβούμενος τὸν κύριον ἐκ νεότητος αὐτοῦ
- 13 Mèt, yo pa janm rakonte ou sa m' te fè lè Jezabel t'ap touye pwofèt Seyè yo? Mwen kache san (100) pwofèt nan de gwòt, senkant nan chak gwòt, mwen ba yo manje, mwen ba yo bwè.
Has my lord not had word of what I did when Jezebel was putting the Lord's prophets to death? how I kept a hundred of them in a secret hole in the rock, fifty at a time, and gave them bread and water?
ἦ οὐκ ἀπηγγέλη σοι τῷ κυρίῳ μου οἷα πεποίηκα ἐν τῷ ἀποκτείνειν ἱεζαβελ τοὺς προφήτας κυρίου καὶ ἔκρυψα ἀπὸ τῶν προφητῶν κυρίου ἑκατὸν ἄνδρας ἀνὰ πενήκοντα ἐν σπηλαίῳ καὶ ἔθρεψα ἐν ἄρ τοῖς καὶ ὕδατι
- 14 Men koulye a ou vle pou m' al di wa a men ou isit la! L'ap touye m'!
And now you say, Go and say to your Lord, Elijah is here; and he will put me to death.
καὶ νῦν σὺ λέγεις μοι πορεύου λέγε τῷ κυρίῳ σου ἰδοὺ ἡλιου καὶ ἀποκτενεῖ με
- 15 Eli reponn li: -Mwen pran Seyè m'ap sèvi a, Bondye ki gen tout pouvwa a, pou temwen. Jòdi a m'ap parèt devan Akab!
And Elijah said, By the life of the Lord of armies, whose servant I am, I will certainly let him see me today.
καὶ εἶπεν ἡλιου ζῆ κύριος τῶν δυνάμεων ᾧ παρέστην ἐνώπιον αὐτοῦ ὅτι σήμερον ὀφθήσομαι αὐτῷ
- 16 Se konsa Abdyas pati, li jwenn Akab, li fè l' rapò. Akab vin kontre Eli.
So Obadiah went to Ahab and gave him the news; and Ahab went to see Elijah.
καὶ ἐπορεύθη ἀβδίου εἰς συναντὴν τῷ ἀχααβ καὶ ἀπήγγειλεν αὐτῷ καὶ ἐξέδραμεν ἀχααβ καὶ ἐπορεύθη εἰς συνάντησιν ἡλιου
- 17 ¶ Wè Akab wè Eli, li di l': -Apa ou sa! Se ou menm k'ap rale malè sou pèp Izrayèl la konsa!
And when he saw Elijah, Ahab said to him, Is it you, you troubler of Israel?
καὶ ἐγένετο ὡς εἶδεν ἀχααβ τὸν ἡλιου καὶ εἶπεν ἀχααβ πρὸς ἡλιου εἰ σὺ εἶ αὐτός ὁ διαστρέφων τὸν ἰσραηλ

- 18 Eli reponn li: -Se pa mwen ki rale malè sou pèp Izrayèl la. Se ou menm ak tout fanmi papa ou yo ki lakòz, paske nou dezobeyi lòd Seyè a te bay, n' al adore zidòl Baal yo.
Then he said in answer, I have not been troubling Israel, but you and your family; because, turning away from the orders of the Lord, you have gone after the Baals.
καὶ εἶπεν ἡλίου οὐ διαστρέφω τὸν ἰσραὴλ ὅτι ἄλλ' ἢ σὺ καὶ ὁ οἶκος τοῦ πατρὸς σου ἐν τῷ καταλιμπάνειν ὑμᾶς τὸν κύριον θεὸν ὑμῶν καὶ ἐπορεύθης ὀπίσω τῶν βααλμ
- 19 Koulye a, bay lòd pou tout moun pèp Izrayèl yo vin sanble bò kote m' sou mòn Kamèl la. Gen katsansenkant (450) pwofèt Baal ak katsan (400) pwofèt zidòl fanm yo rele Astate a Jezabèl ap pran swen. Fè yo vini tou.
Now send, and get Israel together before me at Mount Carmel, with the four hundred and fifty prophets of Baal who get their food at Jezebel's table.
καὶ νῦν ἀπόστειλον συνάθροισον πρὸς με πάντα ἰσραὴλ εἰς ὄρος τὸ καρμήλιον καὶ τοὺς προφῆτας τῆς αἰσχύνης τετρακοσίους καὶ πενήκοντα καὶ τοὺς προφῆτας τῶν ἄλσων τετρακοσίους ἐσθιοντας τὸ ῥάπεζαν ιεζαβελ
- 20 Akab voye chache tout pèp Izrayèl la. Li fè sanble tout pwofèt Baal yo sou mòn Kamèl la.
So Ahab sent for all the children of Israel, and got the prophets together at Mount Carmel.
καὶ ἀπέστειλεν αχαβ εἰς πάντα ἰσραὴλ καὶ ἐπισυνήγαγεν πάντας τοὺς προφῆτας εἰς ὄρος τὸ καρμήλιον
- 21 ¶ Eli al kanpe devan pèp la, li di yo: -Kilè n'a sispann woule de bò! Si se Seyè a ki Bondye, se li pou n' sèvi! Si se Baal ki Bondye, se li pou n' sèvi! Men pèp la pa di yon mo.
And Elijah came near to all the people and said, How long will you go on balancing between two opinions? if the Lord is God, then give worship to him; but if Baal, give worship to him. And the people said not a word in answer.
καὶ προσήγαγεν ἡλίου πρὸς πάντας καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἡλίου ἕως πότε ὑμεῖς χωλανεῖτε ἐπ' ἀμφοτέραις ταῖς ἰγνύαις εἰ ἔστιν κύριος ὁ θεός πορεύεσθε ὀπίσω αὐτοῦ εἰ δὲ ὁ βααλ αὐτός πορεύεσθε ὀπίσω αὐτοῦ καὶ οὐκ ἀπεκρίθη ὁ λαὸς λόγον
- 22 Eli di yo: -Nan tout pwofèt Seyè a, se mwen menm ase ki rete. Men gen katsansenkant (450) pwofèt Baal.
Then Elijah said to the people, I, even I, am the only living prophet of the Lord; but Baal's prophets are four hundred and fifty men.
καὶ εἶπεν ἡλίου πρὸς τὸν λαόν ἐγὼ ὑπολείμμιαι προφήτης τοῦ κυρίου μονώτατος καὶ οἱ προφῆται τοῦ βααλ τετρακόσιοι καὶ πενήκοντα ἄνδρες καὶ οἱ προφῆται τοῦ ἄλσους τετρακόσιοι
- 23 Mennen de jenn towò ban nou. Pwofèt Baal yo va chwazi yonn, y'a touye l', y'a koupe l' an moso, y'a mete l' sou yon pil bwa, men piga yo limen dife. Mwen menm m'a fè menm jan an tou ak lòt towò a. m'a mete l' sou yon pil bwa, mwen p'ap limen dife.
Now, let them give us two oxen; and let them take one for themselves, and have it cut up, and put it on the wood, but put no fire under it; I will get the other ox ready, and put it on the wood, and put no fire under it.
δότωσαν ἡμῖν δύο βόας καὶ ἐκλεξάσθωσαν ἑαυτοῖς τὸν ἕνα καὶ μελισάτωσαν καὶ ἐπιθέτωσαν ἐπὶ τῶν ξύλων καὶ πῦρ μὴ ἐπιθέτωσαν καὶ ἐγὼ ποιήσω τὸν βόην τὸν ἄλλον καὶ πῦρ οὐ μὴ ἐπιθῶ
- 24 y'a rele bondye yo a. Mwen menm, m'a rele Seyè a. Sa ki va voye dife pou reponn lan se li ki Bondye. Tout pèp la reponn: -Nou dakò!
And do you make prayers to your god, and I will make a prayer to the Lord: and it will be clear that the one who gives an answer by fire is God. And all the people in answer said, It is well said.
καὶ βοῦτε ἐν ὀνόματι θεῶν ὑμῶν καὶ ἐγὼ ἐπικαλέσομαι ἐν ὀνόματι κυρίου τοῦ θεοῦ μου καὶ ἔσται ὁ θεός ὃς ἔαν ἐπακούσῃ ἐν πυρὶ οὗτος θεός καὶ ἀπεκρίθησαν πᾶς ὁ λαὸς καὶ εἶπον καλὸν τὸ ῥῆμα ὃ ἐλάλησας
- 25 Lè sa a, Eli di pwofèt Baal yo: -Nou anpil, mwen ban nou devan. Chwazi yon towò. Pare li. Lèfini, rele bondye nou an. Men, pa mete dife nan bwa a.
Then Elijah said to the prophets of Baal, Take one ox for yourselves and get it ready first, for there are more of you; and make your prayers to your god, but put no fire under.
καὶ εἶπεν ἡλίου τοῖς προφῆταις τῆς αἰσχύνης ἐκλέξασθε ἑαυτοῖς τὸν μόσχον τὸν ἕνα καὶ ποιήσατε πρῶτοι ὅτι πολλοὶ ὑμεῖς καὶ ἐπικαλέσασθε ἐν ὀνόματι θεοῦ ὑμῶν καὶ πῦρ μὴ ἐπιθήτε
- 26 Pwofèt Baal yo pran towò yo ba yo a, yo pare l'. Lèfini, yo pran rele Baal depi nan maten rive vè midi. Yo t'ap di: -Baal o! Reponn nou non! Yo t'ap danse fè wonn lotèl yo te moute a. Pa yon wwa, pa yon repons.
So they took the ox which was given them, and made it ready, crying out to Baal from morning till the middle of the day, and saying, O Baal, give ear to us. But there was no voice and no answer. And they were jumping up and down before the altar they had made.
καὶ ἔλαβον τὸν μόσχον καὶ ἐποίησαν καὶ ἐπεκαλοῦντο ἐν ὀνόματι τοῦ βααλ ἐκ πρωΐθεν ἕως μεσημβρίας καὶ εἶπον ἐπάκουσον ἡμῶν ὁ βααλ ἐπάκουσον ἡμῶν καὶ οὐκ ἦν φωνὴ καὶ οὐκ ἦν ἀκρόασις καὶ διέτρεχον ἐπὶ τοῦ θουσιαστηρίου οὐ ἐποίησαν
- 27 Vè midi, Eli tanmen pase yo nan betiz. Li di yo: -Rele pi fò non! Se bondye li ye. Li dwe okipe anpil. Li ka ap kalkile, osinon li nan vwayaj. Li ka ap dòmi tou. Se pou nou leve l'.
And in the middle of the day, Elijah made sport of them, saying, Give louder cries, for he is a god; he may be deep in thought, or he may have gone away for some purpose, or he may be on a journey, or by chance he is sleeping and has to be made awake.
καὶ ἐγένετο μεσημβρία καὶ ἐμυκτήρισεν αὐτοὺς ἡλίου ὁ θεσβίτης καὶ εἶπεν ἐπικαλεῖσθε ἐν φωνῇ μεγάλη ὅτι θεός ἐστιν ὅτι ἀδολεσχία αὐτῷ ἐστιν καὶ ἅμα μήποτε χρηματίζει αὐτός ἢ μήποτε καθεύδει αὐτός καὶ ἐξαναστήσεται
- 28 Pwofèt yo pran rele pi fò. Yo pran nepe ak kouto, yo make tout kò yo jan yo te konn fè l' la. San t'ap koule sou yo konsa.
So they gave loud cries, cutting themselves with knives and swords, as was their way, till the blood came streaming out all over them.
καὶ ἐπεκαλοῦντο ἐν φωνῇ μεγάλη καὶ κατετέμνοντο κατὰ τὸν ἔθισμόν αὐτῶν ἐν μαχαίραις καὶ σειρομάσταις ἕως ἐκχύσεως αἵματος ἐπ' αὐτούς

- 29 Lè midi fin pase, yo pran rele Baal pi rèd toujou jouk lè pou yo fè ofrann apremidi a rive. Men, ankenn vwa pa reponn! Anyen pa pati.
And from the middle of the day they went on with their prayers till the time of the offering; but there was no voice, or any answer, or any who gave attention to them.
 και ἐπροφήτευσον ἕως οὗ παρήλθεν τὸ δειλινόν και ἐγένετο ὡς ὁ καιρὸς τοῦ ἀναβῆναι τὴν θυσίαν και οὐκ ἦν φωνή και ἐλάλησεν ἡλιου ὁ θεσβίτης πρὸς τοὺς προφήτας τῶν προσοχθισμάτων λέγων μετ ἄσπυτε ἀπὸ τοῦ νῦν και ἐγὼ ποιήσω τὸ ὀλοκαύτωμά μου και μετέστησαν και ἀπήλθον
- 30 Lè sa a, Eli mande pèp la pou yo pwoche bò kote l'. Lè yo pwoche vin jwenn li, li rebati lotèl Seyè a paske yo te kraze l'.
Then Elijah said to all the people, Come near to me; and all the people came near. And he put up again the altar of the Lord which had been broken down.
 και εἶπεν ἡλιου πρὸς τὸν λαόν προσαγάγετε πρὸς με και προσήγαγεν πᾶς ὁ λαὸς πρὸς αὐτόν
- 31 Li pran douz wòch, yonn pou chak branch fanmi pitit Jakòb yo. Se Seyè a ki te bay Jakòb non Izrayèl li pote a.
And Elijah took twelve stones, the number of the tribes of the sons of Jacob, to whom the Lord had said, Israel will be your name:
 και ἔλαβεν ἡλιου δώδεκα λίθους και ἀριθμὸν φυλῶν τοῦ Ἰσραὴλ ὡς ἐλάλησεν κύριος πρὸς αὐτόν λέγων Ἰσραὴλ ἔσται τὸ ὄνομά σου
- 32 Li pran wòch yo, li rebati lotèl Seyè a. Li fouye yon kannal fè wonn lotèl la. Kannal la te ka pran kat galon dlo.
And with the stones he made an altar to the name of the Lord; and he made a deep drain all round the altar, great enough to take two measures of seed.
 και ὀκοδόμησεν τοὺς λίθους ἐν ὀνόματι κυρίου και ἰσάστω τὸ θουσιαστήριον τὸ κατεσκαμμένον και ἐποίησεν θαλάμω χωροῦσαν δύο μετρητὰς σπέρματος κυκλόθεν τοῦ θουσιαστηρίου
- 33 Li ranje bwa yo sou lotèl la, li dekoupe towò a, li mete moso vyann yo sou bwa yo. Lèfini li di: -Plen kat krich dlo vide yo sou ofrann lan ak sou bwa yo. Apre yo fè sa,
And he put the wood in order, and, cutting up the ox, put it on the wood. Then he said, Get four vessels full of water and put it on the burned offering and on the wood. And he said, Do it a second time, and they did it a second time;
 και ἐστοίβασεν τὰς σχίδακας ἐπὶ τὸ θουσιαστήριον ὁ ἐποίησεν και ἐμέλισεν τὸ ὀλοκαύτωμα και ἐπέθηκεν ἐπὶ τὰς σχίδακας και ἐστοίβασεν ἐπὶ τὸ θουσιαστήριον
- 34 li di yo: -Fè l' yon dezyèm fwa. Apre yo fè l', li di yo ankò: -Fè l' yon twazyèm fwa. Yo fè l' ankò.
And he said, Do it a third time, and they did it a third time.
 και εἶπεν ἀββετέ μοι τέσσαρας ὕδριας ὕδατος και ἐπιχέετε ἐπὶ τὸ ὀλοκαύτωμα και ἐπὶ τὰς σχίδακας και ἐποίησαν οὕτως και εἶπεν δευτερώσατε και ἐδευτέρωσαν και εἶπεν τρισσώσατε και ἐτρίσσωσαν
- 35 Dlo a koule tout atè bò lotèl la, li plen kannal la.
And the water went all round the altar, till the drain was full.
 και διεπορεύετο τὸ ὕδωρ κύκλω τοῦ θουσιαστηρίου και τὴν θαλάμω ἐπλησαν ὕδατος
- 36 Lè lè pou yo fè ofrann apremidi a rive, pwofèt Eli pwoche bò lotèl la, li di: -Seyè, Bondye Abraram, Bondye Izarak ak Bondye Jakòb, fè yo wè jòdi a se ou menm ki Bondye pèp Izrayèl la. Fè yo rekonèt se sèvitè ou mwen ye. Se ou menm ki ban m' lòd fè tout bagay sa yo.
Then at the time of the offering, Elijah the prophet came near and said, O Lord, the God of Abraham, of Isaac, and of Israel, let it be seen this day that you are God in Israel, and that I am your servant, and that I have done all these things by your order.
 και ἀνεβόησεν ἡλιου εἰς τὸν οὐρανὸν και εἶπεν κύριε ὁ θεὸς ἀβρααμ και ἰσαακ και Ἰσραὴλ ἐπάκουσόν μου κύριε ἐπάκουσόν μου σήμερον ἐν πυρὶ και γνώτωσαν πᾶς ὁ λαὸς οὗτος ὅτι σὺ εἶ κύριος ὁ θεὸς Ἰσραὴλ καὶ γὰρ δούλός σου και διὰ σέ πεποίηκα τὰ ἔργα ταῦτα
- 37 Reponn mwen, Seyè! Reponn mwen pou pèp sa a ka konnen se ou menm Seyè a ki Bondye, pou yo rekonèt se ou menm k'ap fè yo tounen vin jwenn ou.
Give me an answer, O Lord, give me an answer, so that this people may see that you are God, and that you have made their hearts come back again.
 ἐπάκουσόν μου κύριε ἐπάκουσόν μου ἐν πυρὶ και γνώτω ὁ λαὸς οὗτος ὅτι σὺ εἶ κύριος ὁ θεὸς και σὺ ἐστρεψας τὴν καρδίαν τοῦ λαοῦ τούτου ὀπίσω
- 38 Seyè a voye dife sot nan syèl la, li boule ofrann lan, bwa yo, wòch yo ak anplasman kote lotèl la te ye a, li fè tout dlo ki te nan kannal la cheche.
Then the fire of the Lord came down, burning up the offering and the wood and the stones and the dust, and drinking up the water in the drain.
 και ἐπεσεν πῦρ παρά κυρίου ἐκ τοῦ οὐρανοῦ και κατέφαγεν τὸ ὀλοκαύτωμα και τὰς σχίδακας και τὸ ὕδωρ τὸ ἐν τῇ θαλάμω και τοὺς λίθους και τὸν χοῦν ἐξέλιξεν τὸ πῦρ
- 39 Lè pèp la wè sa, yo tonbe fas atè, yo pran rele: -Se Seyè a ki Bondye! Se Seyè a ki Bondye!
And when the people saw it, they all went down on their faces, and said, The Lord, he is God, the Lord, he is God.
 και ἐπεσεν πᾶς ὁ λαὸς ἐπὶ πρόσωπον αὐτῶν και εἶπον ἀληθῶς κύριός ἐστιν ὁ θεὸς αὐτὸς ὁ θεὸς
- 40 Lè sa a, Eli di yo: -Mete men sou pwofèt Baal yo! Pa kite yonn chape. Pèp la mete men sou tout pwofèt yo. Eli mennen yo desann nan ravin Kison an, li touye yo.
And Elijah said to them, Take the prophets of Baal, let not one of them get away. So they took them, and Elijah made them go down to the stream Kishon, and put them to death there.
 και εἶπεν ἡλιου πρὸς τὸν λαόν συλλάβετε τοὺς προφήτας τοῦ βααλ μηθεὶς σωθῆτω ἐξ αὐτῶν και συνέλαβον αὐτούς και κατάγει αὐτούς ἡλιου εἰς τὸν χειμάρρουν κισων και ἐσφαξεν αὐτούς ἐκεῖ

- 41 ¶ Apre sa Eli di wa Akab konsa: -Koulye a, ou mèt al manje, ou mèt al bwè. Mwen tande bri lapli a k'ap vini.
Then Elijah said to Ahab, Up! take food and drink, for there is a sound of much rain.
καὶ εἶπεν ἡλίου τῷ αχααβ ἀνάβηθι καὶ φάγε καὶ πίε ὅτι φωνὴ τῶν ποδῶν τοῦ ὕετοῦ
- 42 Akab al manje, l' al bwè. Eli menm moute sou tèt mòn Kamèl. Li mete ajenou, li bese tèt li jouk atè.
So Ahab went up to have food and drink, while Elijah went up to the top of Carmel; and he went down on the earth, putting his face between his knees.
καὶ ἀνέβη αχααβ τοῦ φαγεῖν καὶ πιεῖν καὶ ἡλίου ἀνέβη ἐπὶ τὸν κάρμηλον καὶ ἔκυψεν ἐπὶ τὴν γῆν καὶ ἔθηκεν τὸ πρόσωπον ἑαυτοῦ ἀνά μέσον τῶν γονάτων ἑαυτοῦ
- 43 Li di domestik li a: -Al gade bò lanmè a. Domestik la ale, li gade. Li tounen, li di: -M' pa wè anyen! Pandan sèt fwa Eli di li al gade.
And he said to his servant, Go now, and take a look in the direction of the sea. And he went up, and after looking said, There is nothing. And he said, Go again seven times; and he went seven times.
καὶ εἶπεν τῷ παιδαρίῳ αὐτοῦ ἀνάβηθι καὶ ἐπιβλεψον ὁδὸν τῆς θαλάσσης καὶ ἐπέβλεψεν τὸ παιδάριον καὶ εἶπεν οὐκ ἔστιν οὐθέν καὶ εἶπεν ἡλίου καὶ σὺ ἐπίστρεψον ἑπτὰκι καὶ ἐπέστρεψεν τὸ παιδάριον ἑπτὰκι
- 44 Sou setyèm fwa a, domestik la di l': -Mwen wè yon ti nwaj k'ap moute sot lòt bò lanmè a. Li gwosè yon pla men. Lè sa a Eli bay domestik li a lòd sa a: -Al jwenn wa Akab, w'a di l': Moute sou cha ou, al lakay ou anvan lapli a bare ou.
And the seventh time he said, I see a cloud coming up out of the sea, as small as a man's hand. Then he said, Go up and say to Ahab, Get your carriage ready and go down or the rain will keep you back.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἑβδόμῳ καὶ ἰδοὺ νεφέλη μικρὰ ὡς ἴχνος ἀνδρὸς ἀνάγουσα ὕδωρ καὶ εἶπεν ἀνάβηθι καὶ εἰπὸν τῷ αχααβ ζεῦξον τὸ ἄρμα σου καὶ κατάβηθι μὴ καταλάβῃ σε ὁ ὕετός
- 45 Yon sèl lè a, syèl la gen tan kouvri ak nwaj nwa. Van an tanmen soufle, yon gwo lapli pran tonbe. Akab moute sou cha li, li pati pou Jezreyèl.
And after a very little time, the heaven became black with clouds and wind, and there was a great rain. And Ahab went in his carriage to Jezreel.
καὶ ἐγένετο ἕως ὅδε καὶ ὅδε καὶ ὁ οὐρανὸς συνεσκότασεν νεφέλαις καὶ πνεύματι καὶ ἐγένετο ὑετός μέγας καὶ ἔκλαιεν καὶ ἐπορεύετο αχααβ εἰς ιεζραελ
- 46 Pouywa Seyè a vin sou Eli. Eli mare rad li nan ren, li pran kouri devan Akab jouk yo rive lavil Jezreyèl.
And the hand of the Lord was on Elijah; and he made himself strong, and went running before Ahab till they came to Jezreel.
καὶ χεὶρ κυρίου ἐπὶ τὸν ἡλίου καὶ συνέσφιγγεν τὴν ὀσφὸν αὐτοῦ καὶ ἔτρεχεν ἔμπροσθεν αχααβ ἕως ιεζραελ
- 1 ¶ Wa Akab rakonte Jezabèl, madanm li, tou sa Eli te fè, ki jan li te touye tout pwofèt Baal yo.
Ahab gave Jezebel news of all Elijah had done, and how he had put all the prophets to death with the sword.
καὶ ἀνήγγειλεν αχααβ τῇ ιεζαβελ γυναικὶ αὐτοῦ πάντα ἃ ἐποίησεν ἡλίου καὶ ὡς ἀπέκτεινεν τοὺς προφήτας ἐν ῥομφαίᾳ
- 2 Jezabèl voye yon misyon bay Eli. Li voye di l': -Se ou, se mwen! Se pou bondye yo ban m' pi gwo pinisyon ki genyen si denmen lè konsa mwen pa fè ou tou sa ou te fè pwofèt yo.
Then Jezebel sent a servant to Elijah, saying, May the gods' punishment be on me if I do not make your life like the life of one of them by tomorrow about this time.
καὶ ἀπέστειλεν ιεζαβελ πρὸς ἡλίου καὶ εἶπεν εἰ σὺ εἶ ἡλίου καὶ ἐγὼ ιεζαβελ τάδε ποιήσαι μοι ὁ θεὸς καὶ τάδε προσθεῖθι ὅτι ταύτην τὴν ὥραν αὔριον θήσομαι τὴν ψυχὴν σου καθὼς ψυχὴν ἐνὸς ἐξ αὐτῶν
- 3 Eli vin pè. Li kouri met deyò pou l' sove lavi li. Li pran domestik li avè l', l' ale lavil Bècheba nan peyi Jida. Li kite domestik li a la.
And he got up, fearing for his life, and went in flight, and came to Beer-sheba in Judah, parting there from his servant;
καὶ ἐφοβήθη ἡλίου καὶ ἀνέστη καὶ ἀπῆλθεν κατὰ τὴν ψυχὴν ἑαυτοῦ καὶ ἔρχεται εἰς βηρσαβε τὴν ἰουδα καὶ ἀφῆκεν τὸ παιδάριον αὐτοῦ ἐκεῖ
- 4 Eli menm mache tout yon jounen nan dezè a. Lè li rete, l' al chita anba lonbray yon ti pye bayawonn. Li mande lanmò, li di: -M' pa kapab ankò, Seyè! Pito m' mouri kont fini. M' pa pi bon pase zansèt mwen yo.
While he himself went a day's journey into the waste land, and took a seat under a broom-plant, desiring for himself only death; for he said, It is enough: now, O Lord, take away my life, for I am no better than my fathers.
καὶ αὐτὸς ἐπορεύθη ἐν τῇ ἐρήμῳ ὁδὸν ἡμέρας καὶ ἦλθεν καὶ ἐκάθισεν ὑπὸ ραθμ ἕν καὶ ἠτήσατο τὴν ψυχὴν αὐτοῦ ἀποθανεῖν καὶ εἶπεν ἱκανοῦσθω νῦν λαβὲ δὴ τὴν ψυχὴν μου ἀπ' ἐμοῦ κύριε ὅτι οὐ κρεῖσσον ἐγὼ εἰμι ὑπὲρ τοῦς πατέρας μου
- 5 Li lage kò l' anba pye bayawonn lan. Dòmì pran l'. Antan l' nan dòmi an, yon zanj vin souke l', li di l' konsa: -Leve ou manje!
And stretching himself on the earth, he went to sleep under the broom-plant; but an angel, touching him, said to him, Get up and have some food.
καὶ ἐκοιμήθη καὶ ὑπνωσεν ἐκεῖ ὑπὸ φυτὸν καὶ ἰδοὺ τις ἦψατο αὐτοῦ καὶ εἶπεν αὐτῷ ἀνάστηθι καὶ φάγε
- 6 Eli voye je l' gade bò kote l', li wè yon ti pen plat tankou sa yo kwit sou chabon dife ak yon krich dlo bò tèt li. Li manje, li bwè. Lèfini, li kouche, li dòmi ankò.
And looking up, he saw by his head a cake cooked on the stones and a bottle of water. So he took food and drink and went to sleep again.
καὶ ἐπέβλεψεν ἡλίου καὶ ἰδοὺ πρὸς κεφαλῆς αὐτοῦ ἔγκρυφίας ὀλυρίτης καὶ καψάκης ὕδατος καὶ ἀνέστη καὶ ἔφαγεν καὶ ἔπιεν καὶ ἐπιστρέψας ἐκοιμήθη

- 7 Zanj Seyè a tounen yon dezyèm fwa, li souke Eli, li leve l', li di l': -Leve ou manje, paske vwayaj la pral long anpil pou ou.
And the angel of the Lord came again a second time, and touching him said, Get up and have some food, or the journey will be overmuch for your strength.
καὶ ἐπέστρεψεν ὁ ἄγγελος κυρίου ἐκ δευτέρου καὶ ἤψατο αὐτοῦ καὶ εἶπεν αὐτῷ ἀνάστα φάγε ὅτι πολλὴ ἀπὸ σοῦ ἡ ὁδός
- 8 Eli leve, li manje, li bwè. Manje a ba li kont fòs kouraj pou li mache pandan karant jou, karant nwit jouk li rive sou mòn Orèb, mòn Bondye a.
So he got up and took food and drink, and in the strength of that food he went on for forty days and nights, to Horeb, the mountain of God.
καὶ ἀνέστη καὶ ἔφαγεν καὶ ἔπιεν καὶ ἐπορεύθη ἐν τῇ ἰσχύϊ τῆς βρώσεως ἐκείνης τεσσαράκοντα ἡμέρας καὶ τεσσαράκοντα νύκτας ἕως ὄρους χωρηβ
- 9 ¶ Lè li rive, li antre nan yon gwòt, li pase nwit lan la. Seyè a pale ak Eli ankò, li di li: -Eli, sa w'ap fè la a?
And there he went into a hole in the rock for the night; then the word of the Lord came to him, saying, What are you doing here, Elijah?
καὶ εἰσῆλθεν ἐκεῖ εἰς τὸ σπήλαιον καὶ κατέλυσεν ἐκεῖ καὶ ἰδοὺ ῥῆμα κυρίου πρὸς αὐτὸν καὶ εἶπεν τί σὺ ἐνταῦθα ἡλιου
- 10 Eli reponn: -Seyè, Bondye ki gen tout pouwva, mwen renmen ou anpil, mwen pa ka wè sa pèp Izrayèl la ap fè ou la. Li pa kenbe kontra li te pase avè ou la, li kraze lotèl ou yo, li touye tout pwofèt ou yo. Se mwen menm sèl ki rete. Men y'ap chache touye m'.
And he said, I have been burning for the honour of the Lord, the God of armies; for the children of Israel have not kept your agreement; they have made destruction of your altars, and have put your prophets to death with the sword: till I, even I, am the only one living; and now they are attempting to take away my life.
καὶ εἶπεν ἡλιου ζηλῶν ἐξήλωκα τῷ κυρίῳ παντοκράτορι ὅτι ἐγκατέλιπόν σε οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὰ θυσιαστήριά σου κατέσκαψαν καὶ τοὺς προφήτας σου ἀπέκτειναν ἐν ῥομφαίᾳ καὶ ὑπολέλειμμα ἐγὼ μόν ὀτατος καὶ ζητοῦσι τὴν ψυχὴν μου λαβεῖν αὐτήν
- 11 Seyè a di li: -Soti, vin kanpe devan Seyè a sou tèt mòn lan. M' pral pase! Seyè a vin ap pase. Yon gwo van vin leve, li pran vante byen fò, li fann mòn yo, li pete wòch yo devan Seyè a. Men Seyè a pa t' nan van an. Lè van an kase, tè a pran tranble, men Seyè a pa t' nan tranbleman tè a.
Then he said, Go out and take your place on the mountain before the Lord. Then the Lord went by, and mountains were parted by the force of a great wind, and rocks were broken before the Lord; but the Lord was not in the wind. And after the wind there was an earth-shock, but the Lord was not in the earth-shock.
καὶ εἶπεν ἐξελεύσῃ αὐριον καὶ στήσῃ ἐνώπιον κυρίου ἐν τῷ ὄρει ἰδοὺ παρελεύσεται κύριος καὶ πνεῦμα μέγα κραταῖον διαλῶν ὄρη καὶ συντριβὸν πέτρας ἐνώπιον κυρίου οὐκ ἐν τῷ πνεύματι κύριος καὶ ἰ μετὰ τὸ πνεῦμα συσσεισμός οὐκ ἐν τῷ συσσεισμῷ κύριος
- 12 Lè tè a sispann tranble, te gen yon dife, men Seyè a pa t' nan dife a. Apre dife a, yon ti bri tou piti fèt, yon ti briz tou fèb vin ap souffle.
And after the earth-shock a fire, but the Lord was not in the fire. And after the fire, the sound of a soft breath.
καὶ μετὰ τὸν συσσεισμὸν πῦρ οὐκ ἐν τῷ πυρὶ κύριος καὶ μετὰ τὸ πῦρ φωνὴ αὔρας λεπτῆς κάκει κύριος
- 13 Lè Eli tande l', li kouvri tèt li ak gwo rad li, li soti, li kanpe devan gwòt la. Li tande yon vwa ki di l': -Eli, sa w'ap fè isit la?
And Elijah, hearing it, went out, covering his face with his robe, and took his place in the opening of the hole. And there a voice came to him saying, What are you doing here, Elijah?
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν ἡλιου καὶ ἐπεκάλυψεν τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἐν τῇ μῆλωτῇ ἑαυτοῦ καὶ ἐξῆλθεν καὶ ἔστη ὑπὸ τὸ σπήλαιον καὶ ἰδοὺ πρὸς αὐτὸν φωνὴ καὶ εἶπεν τί σὺ ἐνταῦθα ἡλιου
- 14 Eli reponn: -Seyè, Bondye ki gen tout pouwva a, mwen renmen ou anpil, mwen pa ka wè sa pèp Izrayèl la ap fè ou la. Li pa kenbe kontra li te pase avè ou la. Li kraze lotèl ou yo. Li touye tout pwofèt ou yo. Se mwen menm sèl ki rete. Men y'ap chache touye m'.
And he said, I have been burning for the honour of the Lord, the God of armies; for the children of Israel have not kept your agreement; they have had your altars broken down, and have put your prophets to death with the sword: till I, even I, am the only one living; and now they are attempting to take away my life.
καὶ εἶπεν ἡλιου ζηλῶν ἐξήλωκα τῷ κυρίῳ παντοκράτορι ὅτι ἐγκατέλιπον τὴν διαθήκην σου οἱ υἱοὶ ἰσραηλ τὰ θυσιαστήριά σου καθεῖλαν καὶ τοὺς προφήτας σου ἀπέκτειναν ἐν ῥομφαίᾳ καὶ ὑπολέλειμμα ἐγὼ μόν ὀτατος καὶ ζητοῦσι τὴν ψυχὴν μου λαβεῖν αὐτήν
- 15 Seyè a di li: -Ale non! Pran menm wout ou te pase nan dezè a pou vini isit la, tounen lavil Damas. W'a antre lavil Damas, w'a pran Azayèl, w'a mete l' wa peyi Siri nan non mwen.
And the Lord said to him, Go back on your way through the waste land to Damascus; and when you come there, put the holy oil on Hazael to make him king over Aram;
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς αὐτὸν πορεύου ἀνάστρεφε εἰς τὴν ὁδὸν σου καὶ ἤξεις εἰς τὴν ὁδὸν ἐρήμου δαμασκού καὶ χρίσεις τὸν ἀζαηλ εἰς βασιλέα τῆς συρίας
- 16 Apre sa, w'a ale lakay Jeou, pitit gason Nimchi a, w'a mete l' wa peyi Izrayèl nan non mwen. Lèfini, w'a pran Elize, pitit gason Chafat, moun lavil Abèl Meola a, w'a mete l' apa nan non mwen pou l' sèvi pwofèt nan plas ou.
And on Jehu, son of Nimshi, making him king over Israel; and on Elisha, the son of Shaphat of Abel-meholah, to be prophet in your place.
καὶ τὸν ἰου υἱὸν ναμεσσι χρίσεις εἰς βασιλέα ἐπὶ ἰσραηλ καὶ τὸν ελισαιε υἱὸν σαφατ ἀπὸ ἀβελμαουλα χρίσεις εἰς προφήτην ἀντὶ σοῦ
- 17 Tout moun ki va chape anba men Azayèl va tonbe anba men Jeou. Tout moun ki va chape anba men Jeou va tonbe anba men Elize.
And it will come about that the man who gets away safe from the sword of Hazael, Jehu will put to death; and whoever gets away safe from the sword of Jehu, Elisha will put to death.
καὶ ἔσται τὸν σφζόμενον ἐκ ῥομφαίας ἀζαηλ θανατώσει ἰου καὶ τὸν σφζόμενον ἐκ ῥομφαίας ἰου θανατώσει ελισαιε

- 18 Men m'ap kite sèt mil (7.000) moun vivan nan peyi Izrayèl la. Se moun ki pa t' mete ajenou devan Baal pou sèvi li, ni ki pa t' bo estati li yo.
But I will keep safe seven thousand in Israel, all those whose knees have not been bent to Baal, and whose mouths have given him no kisses.
καὶ καταλείψεις ἐν ἰσραὴλ ἑπτὰ χιλιάδας ἀνδρῶν πάντα γόνατα ἃ οὐκ ὠκλάσαν γόνυ τῷ βααλ καὶ πᾶν στόμα ὃ οὐ προσεκύνησεν αὐτῷ
- 19 ¶ Eli pati. Li jwenn Elize, pitit gason Chafat la, ki t'ap raboure yon jaden avèk douz pè bèf. Elize t'ap raboure dènye pòsyon tè a ak douzyèm pè bèf la lè Eli pwoche bò kote l'. Eli wete gwo rad ki te sou li a, li voye l' sou Elize.
So he went away from there and came across Elisha, the son of Shaphat, ploughing with twelve yoke of oxen, he himself walking with the twelfth; and Elijah went up to him and put his robe on him.
καὶ ἀπῆλθεν ἐκεῖθεν καὶ εὕρισκει τὸν ελισαίη υἱὸν σαφατ καὶ αὐτὸς ἤροτρία ἐν βουσίν δώδεκα ζεύγη βοῶν ἐνώπιον αὐτοῦ καὶ αὐτὸς ἐν τοῖς δώδεκα καὶ ἐπῆλθεν ἐπ' αὐτὸν καὶ ἐπέρριψε τὴν μίλητον αὐτοῦ ἐπ' αὐτόν
- 20 Menm lè a, Elize kite bèf li yo, li kouri dèye Eli. Li di l' konsa: -Kite m' al di manman m' ak papa m' orevwa anvan. Apre sa m'a swiv ou. Eli reponn li: -Ou mèt tounen tounen ou. M' pa rete ou, mwen menm! Kisa m' fè ou la a?
And letting the oxen be where they were, he came running after Elijah, and said, Only let me give a kiss to my father and mother, and then I will come after you. But he said to him, Go back again; for what have I done to you?
καὶ κατέλειπεν ελισαίη τὰς βόας καὶ κατέδραμεν ὀπίσω ἡλίου καὶ εἶπεν καταφιλήσω τὸν πατέρα μου καὶ ἀκολουθήσω ὀπίσω σου καὶ εἶπεν ἡλίου ἀνάστρεφε ὅτι πεποιήκά σοι
- 21 Elize kite Eli, li tounen tounen l', li pran yon pè bèf, li touye yo. Li pran bwa jouk yo, li limen dife, li kwit vyann lan. Li bay moun ki te avè l' yo pou yo manje. Lèfini, li pati al jwenn Eli, li rete avè l'.
And he went back, and took the oxen and put them to death, and cooking their flesh with the yokes of the oxen, he gave the people a feast. Then he got up and went after Elijah and became his servant.
καὶ ἀνέστρεψεν ἐξόπισθεν αὐτοῦ καὶ ἔλαβεν τὰ ζεύγη τῶν βοῶν καὶ ἔθυσεν καὶ ἤψησεν αὐτὰ ἐν τοῖς σκεύεσι τῶν βοῶν καὶ ἔδωκεν τῷ λαῷ καὶ ἔφαγον καὶ ἀνέστη καὶ ἐπορεύθη ὀπίσω ἡλίου καὶ ἐλείτ οὐργεῖ αὐτῷ
- 1 ¶ Bennadad, wa peyi Siri a, reyini tout lame li a. Trannde lòt wa, avèk tout chwal yo ak cha lagè yo, vin mete tèt ansanm avè l'. Bennadad mache sou lavil Samari. Li sènen l', li atake l'.
Now Ben-hadad, king of Aram, got all his army together, and thirty-two kings with him, and horses and carriages of war; he went up and made war on Samaria, shutting it in.
καὶ ἀμπελῶν εἷς ἦν τῷ ναβουθαί τῷ ἰεζραηλίτῃ παρὰ τῷ ἄλφ αχααβ βασιλέως σαμαρείας
- 2 Li voye mesaje anndan lavil la bò kote Akab, wa peyi Izrayèl la,
And he sent representatives into the town to Ahab, king of Israel;
καὶ ἐλάλησεν αχααβ πρὸς ναβουθαί λέγων δός μοι τὸν ἀμπελῶνά σου καὶ ἔσται μοι εἰς κῆπον λαχάνων ὅτι ἐγγίον οὗτος τῷ οἴκῳ μου καὶ δώσω σοι ἀμπελῶνα ἄλλον ἀγαθὸν ὑπὲρ αὐτόν εἰ δὲ ἀρέσκει ἐ νώπιόν σου δώσω σοι ἀργύριον ἀντάλλαγμα τοῦ ἀμπελῶνός σου τούτου καὶ ἔσται μοι εἰς κῆπον λαχάνων
- 3 pou di li: -Wa Bennadad voye di ou tout bagay ou gen an lò ak an ajan se pou li yo ye. Tout madanm ou yo ak tout pi bon pitit gason ou yo se pou li yo ye tou.
And they said to him, Ben-hadad says, Your silver and your gold are mine; and your wives and children are mine.
καὶ εἶπεν ναβουθαί πρὸς αχααβ μὴ μοι γένοιτο παρὰ θεοῦ μου δοῦναι κληρονομίαν πατέρων μου σοί
- 4 Wa Akab reponn: -Di wa Bennadad, mèt mwen, se jan li vle! Li mèt pran m' ansanm ak tou sa m' genyen.
And the king of Israel sent him an answer saying, As you say, my lord king, I am yours with all I have.
καὶ ἐγένετο τὸ πνεῦμα αχααβ τεταραγμένον καὶ ἐκοιμήθη ἐπὶ τῆς κλίνης αὐτοῦ καὶ συνεκάλυπεν τὸ πρόσωπον αὐτοῦ καὶ οὐκ ἔφαγεν ἄρτον
- 5 Mesaje yo tounen ankò vin di Akab: -Men sa Bennadab voye di ou: M' te voye mande ou pou ou ban mwen tou sa ou gen an lò ak an ajan, tout madanm ak tout pitit gason ou yo.
Then the representatives came back again, and said, These are the words of Ben-hadad: I sent to you saying, Give up to me your silver and your gold, your wives and your children;
καὶ εἰσῆλθεν ἰεζαβελ ἡ γυνὴ αὐτοῦ πρὸς αὐτόν καὶ ἐλάλησεν πρὸς αὐτόν τί τὸ πνεῦμά σου τεταραγμένον καὶ οὐκ εἶ σὺ ἐσθίων ἄρτον
- 6 Koulye a, denmen vè lè konsa, m'ap voye moun pa m' yo pou yo fouye palè ou la ak kay tout moun pa ou yo, pou yo pran tou sa y'a jwenn ki gen valè nan je yo.
But I will send my servants to you tomorrow about this time, to make a search through your house and the houses of your people, and everything which is pleasing in your eyes they will take away in their hands.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτήν ὅτι ἐλάλησα πρὸς ναβουθαί τὸν ἰεζραηλίτην λέγων δός μοι τὸν ἀμπελῶνά σου ἀργυρίου εἰ δὲ βούλει δώσω σοι ἀμπελῶνα ἄλλον ἀντ' αὐτοῦ καὶ εἶπεν οὐ δώσω σοι κληρονομίαν πατέρων μου
- 7 Wa Akab fè rele tout chèf fanmi ki nan peyi a, li di yo konsa: -Jan nou wè l' la, nonm sa a sot pou l' pran tou sa nou genyen. Li te voye mande m' madanm mwen yo, pitit gason m' yo ak tout bagay an lò ak an ajan mwen genyen. Mwen pa refize l' anyen.
Then the king of Israel sent for all the responsible men of the land, and said, Now will you take note and see the evil purpose of this man: he sent for my wives and my children, my silver and my gold, and I did not keep them back.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν ἰεζαβελ ἡ γυνὴ αὐτοῦ σὺ νῦν οὕτως ποιεῖς βασιλεία ἐπὶ ἰσραὴλ ἀνάστηθι φάγε ἄρτον καὶ σαυτοῦ γενοῦ ἐγὼ δώσω σοι τὸν ἀμπελῶνα ναβουθαί τοῦ ἰεζραηλίτου

- 8 Chèf fanmi yo ansanm ak pèp la di l' konsa: -Pa koute l', pa dakò avè l'!
And all the responsible men and the people said to him, Do not give attention to him or do what he says.
καὶ ἔγραψεν βιβλίον ἐπὶ τῷ ὀνόματι αχασαβ καὶ ἐσφραγίσατο τῇ σφραγίδι αὐτοῦ καὶ ἀπέστειλεν τὸ βιβλίον πρὸς τοὺς πρεσβυτέρους καὶ τοὺς ἐλευθέρους τοὺς κατοικοῦντας μετὰ ναβουθαι
- 9 Lè sa a, Akab di mesaje Bennadab yo: -Ale di mèt mwen, wa Bennadab, m' te dakò ak sa li te mande m' premye fwa a. Men, sa l' mande fwa sa a, m' pa ka fè l'. Mesaje yo pati, y' al pote repons lan bay Bennadab.
So he said to the representatives of Ben-hadad, Say to my lord the king, All the orders you sent the first time I will do; but this thing I may not do. And the representatives went back with this answer.
καὶ ἐγγράπτο ἐν τοῖς βιβλίοις λέγων νηστεύσατε νηστείαν καὶ καθίσατε τὸν ναβουθαι ἐν ἀρχῇ τοῦ λαοῦ
- 10 Bennadab voye yo tounen al di Akab: -M'ap vini ak anpil moun pou m' kraze lavil Samari. p'ap gen ase demoli pou m' bay chak moun ki avè m' yo ti kras pou yo pote ale sitèlman y'ap anpil. Si m' pa fè sa, se pou bondye yo ban m' pi gwo pinisyon ki genyen
Then Ben-hadad sent to him, saying, May the gods' punishment be on me if there is enough of the dust of Samaria for all the people at my feet to take some in their hands.
καὶ ἐγκαθίστατε δύο ἄνδρας υἱοὺς παρανόμων ἐξ ἐναντίας αὐτοῦ καὶ καταμαρτυρησάτωσαν αὐτοῦ λέγοντες ἠϋλόγησεν θεὸν καὶ βασιλέα καὶ ἐξαγαγέτωσαν αὐτὸν καὶ λιθοβολησάτωσαν αὐτὸν καὶ ἀποθανέτω
- 11 Wa Akab voye reponn li: -Yon sòlda pa fèt pou l' ap vante tèt li anvan l' al goumen.
And the king of Israel said in answer, Say to him, The time for loud talk is not when a man is putting on his arms, but when he is taking them off.
καὶ ἐποίησαν οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως αὐτοῦ οἱ πρεσβύτεροι καὶ οἱ ἐλεύθεροι οἱ κατοικοῦντες ἐν τῇ πόλει αὐτοῦ καθὰ ἀπέστειλεν πρὸς αὐτοὺς ιεζαβελ καθὰ γέγραπται ἐν τοῖς βιβλίοις οἷς ἀπέστειλεν πρὸς αὐτούς
- 12 ¶ Bennadad t'ap bwè ak lòt wa yo anba tant yo lè yo pote repons Akab la ba li. Lamenm, li bay moun pa l' yo lòd pou yo mache sou lavil Samari. Se konsa, y' al pare pou atake.
Now when this answer was given to Ben-hadad, he was drinking with the kings in the tents, and he said to his men, Take up your positions. So they put themselves in position for attacking the town.
ἐκάλεσαν νηστείαν καὶ ἐκάθισαν τὸν ναβουθαι ἐν ἀρχῇ τοῦ λαοῦ
- 13 Lè sa a, yon pwofèt Bondye vin jwenn Akab, li di l' konsa: -Men sa Seyè a voye di ou: Ou wè tout kantite sòlda sa yo? Enben, mwen pral lage yo nan men ou jòdi a, konsa w'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
Then a prophet came up to Ahab, king of Israel, and said, The Lord says, Have you seen all this great army? See, I will give it into your hands today, and you will see that I am the Lord.
καὶ ἦλθον δύο ἄνδρες υἱοὶ παρανόμων καὶ ἐκάθισαν ἐξ ἐναντίας αὐτοῦ καὶ καταμαρτύρησαν αὐτοῦ λέγοντες ἠϋλόγησας θεὸν καὶ βασιλέα καὶ ἐξήγαγον αὐτὸν ἔξω τῆς πόλεως καὶ ἐλιθοβόλησαν αὐτὸν λίθοις καὶ ἀπέθανεν
- 14 Akab mande l': -Ki moun ou pral fè lage yo nan men m' jòdi a? Pwofèt la reponn li: -Seyè a voye di ou se jenn sòlda ki sou lòd gouvènè pwovens yo ki pral fè l'. Wa mande ankò: -Ki moun ki pral atake anvan? Pwofèt la reponn: -Ou menm.
And Ahab said, By whom? And he said, The Lord says, By the servants of the chiefs who are over the divisions of the land. Then he said, By whom is the fighting to be started? And he made answer, By you.
καὶ ἀπέστειλαν πρὸς ιεζαβελ λέγοντες λελιθοβόληται ναβουθαι καὶ τέθνηκεν
- 15 Lamenm, wa a fè rele jenn sòlda ki te sou lòd gouvènè pwovens yo. Li jwenn desantrannde (232) sòlda antou. Apre sa, li fè rele tout lame pèp Izrayèl la, li jwenn sètmit (7.000) gason.
Then he got together the servants of all the chiefs who were over the divisions of the land, two hundred and thirty-two of them; and after them, he got together all the people, all the children of Israel, seven thousand.
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν ιεζαβελ καὶ εἶπεν πρὸς αχασαβ ἀνάστα κληρονόμει τὸν ἀμπελῶνα ναβουθαι τοῦ ιεζραηλῖτου ὃς οὐκ ἔδωκέν σοι ἀργυρίου ὅτι οὐκ ἔστιν ναβουθαι ζῶν ὅτι τέθνηκεν
- 16 Vè midi, yo soti al atake pandan Bennadad ansanm ak trannde lòt wa ki t'ap mache avè l' yo t'ap bwè anba tant yo.
And in the middle of the day they went out. But Ben-hadad was drinking in the tents with the thirty-two kings who were helping him.
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν αχασαβ ὅτι τέθνηκεν ναβουθαι ὁ ιεζραηλίτης καὶ διέρρηξεν τὰ ἱμάτια ἑαυτοῦ καὶ περιεβάλετο σάκκον καὶ ἐγένετο μετὰ ταῦτα καὶ ἀνέστη καὶ κατέβη αχασαβ εἰς τὸν ἀμπελῶνα ναβουθαι τοῦ ιεζραηλῖτου κληρονομήσαι αὐτόν
- 17 Se jenn sòlda yo ki t'ap mache devan. Bennadad te voye al wè jan sa ye bò kay moun pèp Izrayèl yo. Yo vin di li yo wè yon gwoup sòlda ki t'ap soti lavil Samari.
And the servants of the chiefs who were over the divisions of the land went forward first; and when Ben-hadad sent out, they gave him the news, saying, Men have come out from Samaria.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἡλιου τὸν θεοβίτην λέγων
- 18 Lè sa a, li di: -M' pa bezwen konnen si y'ap vin pou goumen osinon pou mande lapè, kenbe yo vivan mennen ban mwen.
And he said, If they have come out for peace, take them living, and if they have come out for war, take them living.
ἀνάστηθι καὶ κατάρηθι εἰς ἀπαντὴν αχασαβ βασιλέως ἰσραηλ τοῦ ἐν σαμαρεία ἰδοὺ οὗτος ἐν ἀμπελῶνι ναβουθαι ὅτι καταβέβηκεν ἐκεῖ κληρονομήσαι αὐτόν

- 19 Jenn sòlda gouvènè yo sotì nan lavil la pou al atake. Yo t'ap mache devan, rès lame a t'ap swiv yo.
So the servants of the chiefs of the divisions of the land went out of the town, with the army coming after them.
 και λαλήσεις πρὸς αὐτὸν λέγων τάδε λέγει κύριος ὡς σὺ ἐφόνευσας καὶ ἐκληρονόμησας διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἐν παντὶ τόπῳ ᾧ ἔλειξαν αἱ ὄες καὶ οἱ κύνες τὸ αἷμα ναβουθαι ἐκεῖ λείξουσιν οἱ κύνες τὸ αἷμά σου καὶ αἱ πόρνοι λούσονται ἐν τῷ αἱματί σου
- 20 Yo chak yo touye moun ki te vin pou goumen ak yo a. Moun peyi Siri yo pran kouri, moun Izrayèl yo menm t'ap kouri dèyè yo. Bennadad menm resi chape kò l' sou chwal ansanm ak kèk lòt kavalye.
And every one of them put his man to death, and the Aramaeans went in flight with Israel after them; and Ben-hadad, king of Aram, got away safely on a horse with his horsemen.
 και εἶπεν αχααβ πρὸς ἡλιου εἰ εὐρηκάς με ὁ ἐχθρός μου και εἶπεν εὐρηκα διότι μάτην πέπρασαι ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου παροργίσει αὐτόν
- 21 Wa Akab vin atake lè sa a, li touye chwal moun Siri yo, li kraze cha lagè yo. Li bat moun Siri yo byen bat.
And the king of Israel went out and took the horses and the war-carriages, and made great destruction among the Aramaeans.
 τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπάγω ἐπὶ σὲ κακὰ και ἐκκαύσω ὀπίσω σου και ἐξολοθρεύσω τοῦ αχααβ οὐροῦντα πρὸς τοίχον και συνεχόμενον και ἐγκαταλελειμμένον ἐν ἰσραηλ.
- 22 ¶ Apre sa, pwofèt la al jwenn wa Akab, li di l' konsa: -Ou mèt tounen koulye a, mete lame ou la anfòm. Kalkile byen sou sa ou pral fè, paske nan ennan, dat pou dat, wa peyi Siri a ap tounen vin atake ou ankò.
Then the prophet came up to the king of Israel, and said to him, Now make yourself strong, and take care what you do, or a year from now the king of Aram will come up against you again.
 και δώσω τὸν οἶκόν σου ὡς τὸν οἶκον ἱεροβοαμ υἱοῦ ναβατ και ὡς τὸν οἶκον βαασα υἱοῦ αχια περὶ τῶν παροργισμάτων ὧν παρώργισας και ἐξήμαρτες τὸν ἰσραηλ.
- 23 Chèf ki te avèk wa Bennadad yo vin di l': -Bondye pèp Izrayèl yo se bondye mòn yo ye. Se poutèt sa yo bat nou jan yo bat nou an. Men, si nou goumen ak yo nan tè plat, wè pa wè, n'ap bat yo.
Then the king of Aram's servants said to him, Their god is a god of the hills; that is why they were stronger than we: but if we make an attack on them in the lowlands, we will certainly be stronger than they.
 και τῆ ἰεζαβελ ἐλάλησεν κύριος λέγων οἱ κύνες καταφάγονται αὐτὴν ἐν τῷ προτειχίσματι ἰεζραελ.
- 24 Koulye a, men sa ou pral fè. Wete kòmandman an nan men lòt wa yo, mete chèf pa ou nan plas yo.
This is what you have to do: take away the kings from their positions, and put captains in their places;
 τὸν τεθνηκότα τοῦ αχααβ ἐν τῇ πόλει φάγονται οἱ κύνες και τὸν τεθνηκότα αὐτοῦ ἐν τῷ πεδίῳ φάγονται τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ
- 25 Ou menm ou pral moute yon gwo lame tankou lame ou pèdi a, ak menm kantite chwal ak cha lagè ou te gen anvan an. Nou pral goumen ak moun pèp Izrayèl yo nan plenn. W'ap wè fwa sa a n'ap bat yo. Wa Bennadad dakò, li fè sa chèf yo te di l' fè a.
And get together another army like the one which came to destruction, horse for horse, and carriage for carriage; and let us make war on them in the lowlands, and certainly we will be stronger than they. And he gave ear to what they said, and did so.
 πλὴν ματαίως αχααβ ὡς ἐπράθη ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου ὡς μετέθηκεν αὐτὸν ἰεζαβελ ἡ γυνὴ αὐτοῦ
- 26 Ennan apre, dat pou dat, li reyini tout sòlda moun peyi Siri yo, li mennen yo jouk lavil Afèk pou y' al atake moun peyi Izrayèl yo.
So, a year later, Ben-hadad got the Aramaeans together and went up to Aphek to make war on Israel.
 και ἐβδελύχθη σφόδρα πορεύεσθαι ὀπίσω τῶν βδελυγμάτων κατὰ πάντα ἃ ἐποίησεν ὁ αμορραῖος ὃν ἐξωλέθρευσεν κύριος ἀπὸ προσώπου υἱῶν ἰσραηλ.
- 27 Akab reyini tout lame pèp Izrayèl la, li ba yo zam ak pwovizyon. Yo sotì al kontre moun Siri yo. Yo separe fè de gwoup, yo moute kan yo devan lame moun Siri yo. Sòlda peyi Izrayèl yo te sanble ak de ti bann kabrit devan lame moun Siri a menm ki te kouvri tout peyi a.
And the children of Israel got themselves together, and food was made ready and they went against them; the tents of the children of Israel were like two little flocks of goats before them, but all the country was full of the Aramaeans.
 και ὑπὲρ τοῦ λόγου ὡς κατενύγη αχααβ ἀπὸ προσώπου τοῦ κυρίου και ἐπορεύετο κλαίων και διέρρηξεν τὸν χιτῶνα αὐτοῦ και ἐξώσατο σάκκον ἐπὶ τὸ σῶμα αὐτοῦ και ἐνήστευσεν και περιεβάλετο σάκκον ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἣ ἐπάταξεν ναβουθαι τὸν ἰεζραηλίτην
- 28 Yon pwofèt Bondye vin jwenn Akab, wa Izrayèl la, li di l' konsa: -Men mesaj Seyè a voye ba ou: Paske moun Siri yo di se yon bondye mòn mwen ye, mwen pa konn tè plat, mwen pral lage tout gwo lame sa a nan men ou. Konsa w'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And a man of God came up and said to the king of Israel, The Lord says, Because the Aramaeans have said, The Lord is a god of the hills and not of the valleys; I will give all this great army into your hands, and you will see that I am the Lord.
 και ἐγένετο ῥῆμα κυρίου ἐν χειρὶ δούλου αὐτοῦ ἡλιου περὶ αχααβ και εἶπεν κύριος
- 29 Pandan sèt jou, moun Siri yo ak moun Izrayèl yo rete nan kan yo, yonn anfas lòt. Sou setyèm jou a yo konmanse goumen. Moun Izrayèl yo touye sanmil (100.000) moun Siri.
Now the two armies kept their positions facing one another for seven days. And on the seventh day the fight was started; and the children of Israel put to the sword a hundred thousand Aramaean footmen in one day.
 ἐώρακας ὡς κατενύγη αχααβ ἀπὸ προσώπου μου οὐκ ἐπάξω τὴν κακίαν ἐν ταῖς ἡμέραις αὐτοῦ ἀλλ' ἐν ταῖς ἡμέραις τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ ἐπάξω τὴν κακίαν

- 1 ¶ Apre tout bagay sa yo, men sa ki rive: Nan lavil Jizreyèl, toupre palè wa Akab la, te gen yon jaden rezen ki te pou yon nonm yo te rele Nabòt.
Now Naboth the Jezreelite had a vine-garden in Jezreel, near the house of Ahab, king of Samaria.
καὶ συνήθροισεν υἱὸς ἀδερ πᾶσαν τὴν δύναμιν αὐτοῦ καὶ ἀνέβη καὶ περιεκάθισεν ἐπὶ σαμάρειαν καὶ τριάκοντα καὶ δύο βασιλεῖς μετ' αὐτοῦ καὶ πᾶς ἵππος καὶ ἄρμα καὶ ἀνέβησαν καὶ περιεκάθισαν ἐπὶ σαμάρειαν καὶ ἐπολέμησαν ἐπ' αὐτήν
- 2 Yon jou, wa Akab di Nabòt konsa: -Ban m' jaden rezen ou lan pou m' ka fè yon jaden legim. Li toupre kay mwen. m'a ba ou yon lòt jaden rezen ki pi bon pase sa a. Osinon si ou pito, m'a ba ou yon bon pri pou li.
And Ahab said to Naboth, Give me your vine-garden so that I may have it for a garden of sweet plants, for it is near my house; and let me give you a better vine-garden in exchange, or, if it seems good to you, let me give you its value in money.
καὶ ἀπέστειλεν πρὸς αχααβ βασιλέα ἰσραηλ εἰς τὴν πόλιν
- 3 Men, Nabòt reponn Akab: -Se tè eritaj li ye. Dapre lalwa Seyè a, mwen pa gen dwa vann ou li.
But Naboth said to Ahab, By the Lord, far be it from me to give you the heritage of my fathers.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν τάδε λέγει υἱὸς ἀδερ τὸ ἀργυρίον σου καὶ τὸ χρυσίον σου ἐμὸν ἐστὶν καὶ αἱ γυναῖκές σου καὶ τὰ τέκνα σου ἐμὰ ἐστὶν
- 4 Akab al lakay li men li byen mare. Li te fache poutèt Nabòt te di l' li p'ap vann byen eritaj li a. Li moute kabann, li kouche, li bay figi l' nan panno, li derefize manje.
So Ahab came into his house bitter and angry because Naboth the Jezreelite had said to him, I will not give you the heritage of my fathers. And stretching himself on the bed with his face turned away, he would take no food.
καὶ ἀπεκρίθη ὁ βασιλεὺς ἰσραηλ καὶ εἶπεν καθὼς ἐλάλησας κύριε βασιλεῦ σὸς ἐγὼ εἰμι καὶ πάντα τὰ ἐμὰ
- 5 ¶ Jezabèl, madanm li, vin bò kote l'. Li mande l': -Sa ou genyen ou move konsa? Poukisa ou pa manje?
But Jezebel, his wife, came to him and said, Why is your spirit so bitter that you have no desire for food?
καὶ ἀνέστρεψαν οἱ ἄγγελοι καὶ εἶπον τάδε λέγει υἱὸς ἀδερ ἐγὼ ἀπέσταλκα πρὸς σὲ λέγων τὸ ἀργυρίον σου καὶ τὸ χρυσίον σου καὶ τὰς γυναῖκές σου καὶ τὰ τέκνα σου δώσεις ἐμοί
- 6 Akab reponn, li di li: -M' pale ak Nabòt, nonm Jizreyèl la. Mwen mande l' pou l' vann mwen jaden rezen l' lan, osinon si li pito, m'a ba li yon lòt pou li. Men, li di m' li p'ap ban mwen jaden l' lan.
And he said to her, Because I was talking to Naboth the Jezreelite, and I said to him, Let me have your vine-garden for a price, or, if it is pleasing to you, I will give you another vine-garden for it: and he said, I will not give you my vine-garden.
ὅτι ταύτην τὴν ὥραν αὔριον ἀποστελῶ τοὺς παῖδάς μου πρὸς σὲ καὶ ἐρευνήσουσιν τὸν οἶκόν σου καὶ τοὺς οἴκους τῶν παιδῶν σου καὶ ἔσται τὰ ἐπιθυμήματα ὀφθαλμῶν αὐτῶν ἐφ' ἃ ἂν ἐπιβάλωσι τὰς χεῖρας αὐτῶν καὶ λήμψονται
- 7 Jezabèl di li: -Kouman! Se pa ou ki wa nan peyi Izrayèl la ankò? Leve non, monchè! Manje manje ou, fè kè ou kontan. Mwen pral ba ou jaden rezen Nabòt la.
Then Jezebel, his wife, said, Are you now the ruler of Israel? Get up, take food, and let your heart be glad; I will give you the vine-garden of Naboth the Jezreelite.
καὶ ἐκάλεσεν ὁ βασιλεὺς ἰσραηλ πάντας τοὺς πρεσβυτέρους καὶ εἶπεν γνῶτε δὴ καὶ ἴδετε ὅτι κακίαν οὗτος ζητεῖ ὅτι ἀπέσταλκεν πρὸς με περὶ τῶν γυναικῶν μου καὶ περὶ τῶν υἱῶν μου καὶ περὶ τῶν θυγατέρων μου τὸ ἀργυρίον μου καὶ τὸ χρυσίον μου οὐκ ἀπεκόλωσα ἀπ' αὐτοῦ
- 8 Jezabèl ekri kèk lèt, li siyen non Akab anba yo, li sele yo ak so wa a, epi li voye yo bay chèf fanmi ak otorite ki rete lavil Jizreyèl menm kote ak Nabòt.
So she sent a letter in Ahab's name, stamped with his stamp, to the responsible men and the chiefs who were in authority with Naboth.
καὶ εἶπαν αὐτῷ οἱ πρεσβύτεροι καὶ πᾶς ὁ λαὸς μὴ ἀκούσης καὶ μὴ θελήσης
- 9 Men sa li voye di yo nan lèt yo: Sanble tout moun pou yon sèvis jèn. Mande Nabòt pou li dirije sèvis la.
And in the letter she said, Let a time of public sorrow be fixed, and put Naboth at the head of the people;
καὶ εἶπεν τοῖς ἀγγέλοις υἱοῦ ἀδερ λέγετε τῷ κυρίῳ ὡμὸν πάντα ὅσα ἀπέσταλκα πρὸς τὸν δουλόν σου ἐν πρώτοις ποιήσω τὸ δὲ ῥῆμα τοῦτο οὐ δυνήσομαι ποιῆσαι καὶ ἀπήραν οἱ ἄνδρες καὶ ἐπέστρεψαν αὐτῷ λόγον
- 10 Lèfini, jwenn de vakabon, fè yo vin kanpe devan l' pou yo akize l'. y'a di li derespekte Seyè a ansanm ak wa a. Lè sa a, n'a pran Nabòt, n'a trennen l' andeyò limit lavil la, n'a kalonnen l' wòch jouk li mouri.
And get two good-for-nothing persons to come before him and give witness that he has been cursing God and the king. Then take him out and have him stoned to death.
καὶ ἀνταπέστειλεν πρὸς αὐτὸν υἱὸς ἀδερ λέγων τάδε ποιήσαι μοι ὁ θεὸς καὶ τάδε προσθεῖη εἰ ἐκποιήσῃ ὁ χοῦς σαμαρείας ταῖς ἀλώπεξιν παντὶ τῷ λαῷ τοῖς πεζοῖς μου
- 11 Chèf fanmi yo ak otorite lavil Jizreyèl yo fè tou sa Jezabèl ba yo lòd fè nan lèt yo.
So the responsible men and the chiefs who were in authority in his town, did as Jezebel had said in the letter she sent them.
καὶ ἀπεκρίθη ὁ βασιλεὺς ἰσραηλ καὶ εἶπεν ἰκανοῦσθω μὴ καυχᾶσθω ὁ κυρτὸς ὡς ὁ ὀρθός
- 12 Yo fè konnen yo pral fè sèvis jèn. Yo fè tout pèp la sanble, yo mete Nabòt devan pou dirije sèvis la.
They gave orders for a day of public sorrow, and put Naboth at the head of the people.
καὶ ἐγένετο ὅτε ἀπεκρίθη αὐτῷ τὸν λόγον τοῦτον πίνων ἦν αὐτὸς καὶ πάντες οἱ βασιλεῖς μετ' αὐτοῦ ἐν σκιναῖς καὶ εἶπεν τοῖς παισὶν αὐτοῦ οἰκοδομήσατε χάρακα καὶ ἔθεντο χάρακα ἐπὶ τὴν πόλιν

- 13 De vakabon vin rive, yo kanpe devan Nabòt, yo akize msye devan tout pèp la. Yo di li derespekte Bondye ansanm ak wa a. Lamenn, yo pran Nabòt, yo mennen l' andeyò limit lavil la, yo kalonnen li wòch jouk li mouri.
 And the two good-for-nothing persons came in and took their seats before him and gave witness against Naboth, in front of the people, saying, Naboth has been cursing God and the king. Then they took him outside the town and had him stoned to death.
 και ἰδοὺ προφήτης εἰς προσῆλθεν τῷ βασιλεῖ ἰσραηλ και εἶπεν τάδε λέγει κύριος εἰ ἐόρακας πάντα τὸν ὄχλον τὸν μέγαν τοῦτον ἰδοὺ ἐγὼ δίδωμι αὐτὸν σήμερον εἰς χεῖρας σᾶς και γνώση ὅτι ἐγὼ κύριος
- 14 Apre sa, yo voye di Jezabèl: -Nou kalonnen Nabòt wòch, li mouri.
 And they sent word to Jezebel, saying, Naboth has been stoned and is dead.
 και εἶπεν αχααβ ἐν τίνι και εἶπεν τάδε λέγει κύριος ἐν τοῖς παιδαρίοις τῶν ἀρχόντων τῶν χωρῶν και εἶπεν αχααβ τίς συνάψει τὸν πόλεμον και εἶπεν σὺ
- 15 Resevwa Jezabèl resevwa nouvèl lanmò Nabòt, l' al di Akab: -Leve non. Al pran jaden rezen Nabòt, nonm lavil Jizreyèl la, pou ou, jaden li te refize vann ou an. Nabòt pa nan moun isit ankò, li mouri.
 Then Jezebel, hearing that Naboth had been stoned and was dead, said to Ahab, Get up and take as your heritage the vine-garden of Naboth the Jezreelite, which he would not give you for money, for Naboth is no longer living but is dead.
 και ἐπεσκέψατο αχααβ τὰ παιδάρια τῶν ἀρχόντων τῶν χωρῶν και ἐγένοντο διακόσιοι και τριάκοντα και μετὰ ταῦτα ἐπεσκέψατο τὸν λαὸν πᾶν υἱὸν δυνάμεως ἐξήκοντα χιλιάδας
- 16 Lè wa Akab tande Nabòt, nonm lavil Jizreyèl la, te mouri, l' ale, li pran jaden rezen an pou li.
 So Ahab, hearing that Naboth was dead, went down to the vine-garden of Naboth the Jezreelite to take it as his heritage.
 και ἐξῆλθεν μεσημβρίας και υἱὸς ἀδερ πίνων μεθῶν ἐν σοκῶθ αὐτὸς και οἱ βασιλεῖς τριάκοντα και δύο βασιλεῖς συμβοηθοὶ μετ' αὐτοῦ
- 17 ¶ Lè sa a, Seyè a pale ak Eli, pwofèt lavil Tichbe a, li di l' konsa:
 And the word of the Lord came to Elijah the Tishbite, saying,
 και ἐξῆλθον παιδάρια ἀρχόντων τῶν χωρῶν ἐν πρώτοις και ἀποστέλλουσιν και ἀπαγγέλλουσιν τῷ βασιλεῖ συρίας λέγοντες ἄνδρες ἐξεληλύθασιν ἐκ σαμαρείας
- 18 -Al jwenn wa Akab nan peyi Samari. W'ap jwenn li koulye a nan jaden rezen Nabòt la. Li vin pran l' pou li.
 Go down to Ahab, king of Israel, in Samaria; see, he is in the vine-garden of Naboth the Jezreelite, where he has gone to take it as his heritage.
 και εἶπεν αὐτοῖς εἰ εἰς εἰρήνην οὗτοι ἐκπορεύονται συλλάβετε αὐτοὺς ζῶντας και εἰ εἰς πόλεμον ζῶντας συλλάβετε αὐτούς
- 19 W'a di li men mesaj Seyè a voye ba li: Ou fin touye Nabòt, koulye a ou soti pou pran jaden rezen l' lan! Apre sa, w'a di l' ankò men sa Seyè a voye di ou: Menm kote chen te niche san Nabòt la, chen gen pou yo niche san pa ou tou.
 Say to him, The Lord says, Have you put a man to death and taken his heritage? Then say to him, The Lord says, In the place where dogs have been drinking the blood of Naboth, there will your blood become the drink of dogs.
 και μὴ ἐξελάτωσαν ἐκ τῆς πόλεως τὰ παιδάρια ἀρχόντων τῶν χωρῶν και ἡ δύναμις ὀπίσω αὐτῶν
- 20 Lè Akab wè Eli, li di l' konsa: -Enben, lènmi mwen, ou jwenn mwen jòdi a! Eli reponn, li di l': -Wè! Mwen jwenn ou paske se renk move bagay w'ap plede fè devan Seyè a.
 And Ahab said to Elijah, Have you come face to face with me, O my hater? And he said, I have come to you because you have given yourself up to do evil in the eyes of the Lord.
 ἐπάταξεν ἕκαστος τὸν παρ' αὐτοῦ και ἐδευτέρωσεν ἕκαστος τὸν παρ' αὐτοῦ και ἔφυγεν συρία και κατεδίωξεν αὐτοὺς ἰσραηλ και σφάζεται υἱὸς ἀδερ βασιλεὺς συρίας ἐφ' ἵππου ἰπέως
- 21 Men mesaj Seyè a voye ba ou: M'ap voye yon gwo malè sou ou. Mwen pral disparèt ou. Mwen pral touye dènye gason, granmoun kou timoun, nan fanmi ou.
 See, I will send evil on you and put an end to you completely, cutting off from Ahab every male child, him who is shut up and him who goes free in Israel;
 και ἐξῆλθεν βασιλεὺς ἰσραηλ και ἔλαβεν πάντας τοὺς ἵππους και τὰ ἄρματα και ἐπάταξεν πληγὴν μεγάλην ἐν συρία
- 22 Sa ki te rive fanmi wa Jewoboam, pitit Nebat la, ak fanmi wa Bacha, pitit Akija a, se sa ki pral rive fanmi pa ou la tou. Se mwen menm k'ap fè sa paske ou fè m' fache anpil, lèfini se ou ki lakòz pèp Izrayèl la ap fè sa ki mal.
 And I will make your family like the family of Jeroboam, the son of Nebat, and like the family of Baasha, the son of Ahijah, because you have made me angry, and have made Israel do evil.
 και προσῆλθεν ὁ προφήτης πρὸς βασιλέα ἰσραηλ και εἶπεν κραταιοῦ και γνῶθι και ἰδὲ τί ποιήσεις ὅτι ἐπιστρέφοντος τοῦ ἐνιαυτοῦ υἱὸς ἀδερ βασιλεὺς συρίας ἀναβαίνει ἐπὶ σέ
- 23 Men sa Seyè a di sou Jezabèl: Chen gen pou manje kadav li nan mitan lavil Jizreyèl.
 And of Jezebel the Lord said, Jezebel will become food for dogs in the heritage of Jezreel.
 και οἱ παῖδες βασιλέως συρίας εἶπεν θεὸς ὀρέων θεὸς ἰσραηλ και οὐ θεὸς κοιλάδων διὰ τοῦτο ἐκραταίωσεν ὑπὲρ ἡμᾶς ἐὰν δὲ πολέμησωμεν αὐτοὺς κατ' εὐθὺ εἰ μὴ κραταίωσωμεν ὑπὲρ αὐτούς
- 24 Chen pral manje kadav tout moun nan fanmi Akab ki va mouri anndan lavil la. Malfini karanklou va manje kadav tout moun nan fanmi an ki va mouri andeyò limit lavil la.
 Any man of the family of Ahab who comes to his death in the town will become food for the dogs; and he who comes to his death in the open country will be food for the birds of the air.
 και τὸ ῥῆμα τοῦτο ποιήσον ἀπόστησον τοὺς βασιλεῖς ἕκαστον εἰς τὸν τόπον αὐτῶν και θοῦ ἀντ' αὐτῶν σατράπας

- 25 Pa janm gen pesonn mechan tankou Akab. Li te lage kò l' nèt nan fè sa ki mal devan Seyè a. Li te kite madanm li, Jezabèl, pran tèt li.
(There was no one like Ahab, who gave himself up to do evil in the eyes of the Lord, moved to it by Jezebel his wife.
καὶ ἀλλάζομέν σοι δύναμιν κατὰ τὴν δύναμιν τὴν πεσοῦσαν ἀπὸ σοῦ καὶ ἵππον κατὰ τὴν ἵππον καὶ ἄρματα κατὰ τὰ ἄρματα καὶ πολεμήσομεν πρὸς αὐτοὺς κατ' εὐθὺ καὶ κραταιώσομεν ὑπὲρ αὐτοὺς καὶ ἠκούσεν τῆς φωνῆς αὐτῶν καὶ ἐποίησεν οὕτως
- 26 Li te fè bagay ki lèd nèt, l' al fè sèvis pou vye zidòl tankou moun Amori yo te fè l' la. Se moun Amori sa yo Seyè a te mete deyò nan peyi a pou fè plas pou moun Izrayèl yo.
He did a very disgusting thing in going after false gods, doing all the things the Amorites did, whom the Lord sent out before the children of Israel.)
καὶ ἐγένετο ἐπιστρέψαντος τοῦ ἐνιαυτοῦ καὶ ἐπεσκέψατο υἱὸς ἀδερ τὴν συρίαν καὶ ἀνέβη εἰς ἀφεκα εἰς πόλεμον ἐπὶ ἰσραηλ
- 27 Lè Eli fin pale, Akab pran lapenn, li chire rad sou li, li mete yon rad sak, li rete san manje. Ata dòmi li dòmi ak rad sak la sou li. Li t'ap mache kagou.
Hearing these words, Ahab, in great grief, put haircloth on his flesh and went without food, sleeping in haircloth, and going about quietly.
καὶ ἀπεώσαντο τὸν κύριον ἐν παντὶ σπέρματι Ἰσραὴλ καὶ ἐσάλευσεν αὐτοὺς καὶ ἔδωκεν αὐτοὺς ἐν χειρὶ διαρπαζόντων αὐτούς ἕως οὗ ἀπέρριψεν αὐτοὺς ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ
- 21 Li separe pèp la, li mete moun peyi Izrayèl yo yon bò, moun fanmi David yo yon bò. Moun peyi Izrayèl yo pran Jewoboram, pitit Nebat, yo mete l' wa pou gouvènè yo. Jewoboram lakòz yo kite chimen Seyè a nèt. Li fè yo fè pi gwo peche toujou.
For Israel was broken off from the family of David, and they made Jeroboam, the son of Nebat, king, who, driving them away from the laws of the Lord, made them do a great sin.
ὅτι πλὴν Ἰσραὴλ ἐπάνωθεν οἴκου δαυὶδ καὶ ἐβασίλευσαν τὸν ἱεροβοὰμ υἱὸν ναβατ καὶ ἐξέωσεν ἱεροβοὰμ τὸν Ἰσραὴλ ἐξόπισθεν κυρίου καὶ ἐξήμαρτεν αὐτοὺς ἁμαρτίαν μεγάλην
- 22 Moun peyi Izrayèl yo pran fè tankou Jewoboram, yo donnè ladan l' san rete.
And the children of Israel went on with all the sins which Jeroboam did; they did not keep themselves from them;
καὶ ἐπορεύθησαν οἱ υἱοὶ Ἰσραὴλ ἐν πάσῃ ἁμαρτίᾳ ἱεροβοὰμ ἣ ἐποίησεν οὐκ ἀπέστησεν ἀπ' αὐτῆς
- 23 Bout pou bout, Seyè a wete yo nèt devan je l', jan li te voye sèvitè l' yo, pwofèt yo avètì yo a. Se konsa yo depòte moun peyi Izrayèl yo byen lwen nan peyi Lasiri kote yo ye jouk jounen jòdi a.
Till the Lord put Israel away from before his face, as he had said by all his servants the prophets. So Israel was taken away from their land to Assyria, to this day.
ἕως οὗ μετέστησεν κύριος τὸν Ἰσραὴλ ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ καθὼς ἐλάλησεν κύριος ἐν χειρὶ πάντων τῶν δούλων αὐτοῦ τῶν προφητῶν καὶ ἀποκρίσθη Ἰσραὴλ ἐπάνωθεν τῆς γῆς αὐτοῦ εἰς Ἀσσυρίους ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 24 ¶ Wa peyi Lasiri a pran moun lavil Babilòn, moun lavil Kout, moun lavil Ava, moun lavil Ama ak moun lavil Sefavayim, li voye yo al rete nan lavil peyi Samari nan plas moun Izrayèl li te fè depòte yo. Moun yo pran peyi Samari a pou yo, y' al rete nan tout lavil yo.
Then the king of Assyria took men from Babylon and from Cuthah and Avva and Hamath and Sepharvaim, and put them in the towns of Samaria in place of the children of Israel; so they got Samaria for their heritage, living in its towns.
καὶ ἤγαγεν βασιλεὺς Ἀσσυρίων ἐκ Βαβυλῶνος τὸν ἐκ χουθθα καὶ ἀπὸ αἶα καὶ ἀπὸ αἶμαθ καὶ Σεφαρουαῖν καὶ κατῳκίσθησαν ἐν πόλεσιν Σαμαρείας ἀντὶ τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ καὶ ἐκκληρονόμησαν τὴν Σαμάρειαν καὶ κατῳκίσθησαν ἐν ταῖς πόλεσιν αὐτῆς

- 25 Moun sa yo pa t' nan sèvi Seyè a. Konsa, lè yo fèk vin tabl nan peyi a, Seyè a voye lyon ki touye kèk ladan yo.
Now when first they were living there they did not give worship to the Lord. So the Lord sent lions among them, causing the death of some of them.
καὶ ἐγένετο ἐν ἀρχῇ τῆς καθέδρας αὐτῶν οὐκ ἐφοβήθησαν τὸν κύριον καὶ ἀπέστειλεν κύριος ἐν αὐτοῖς τοὺς λέοντας καὶ ἦσαν ἀποκτένοντες ἐν αὐτοῖς
- 26 Yo voye di wa peyi Lasiri a: Moun ou te voye vin rete lavil peyi Samari yo pa konnen jan pou yo sèvi Bondye peyi a. Se konsa bondye peyi a voye lyon k'ap fini ak yo.
So they said to the king of Assyria, The nations whom you have taken as prisoners and put in the towns of Samaria, have no knowledge of the way of the god of the land: so he has sent lions among them, causing their death, because they have no knowledge of his way.
καὶ εἶπον τῷ βασιλεῖ ἀσσυρίων λέγοντες τὰ ἔθνη ἃ ἀπέκτισας καὶ ἀντεκάθισας ἐν πόλεσιν σαμαρείας οὐκ ἔγνωσαν τὸ κρίμα τοῦ θεοῦ τῆς γῆς καὶ ἀπέστειλεν εἰς αὐτοὺς τοὺς λέοντας καὶ ἰδοὺ εἰσιν θαν αὐτοῦντες αὐτοὺς καθότι οὐκ οἶδασιν τὸ κρίμα τοῦ θεοῦ τῆς γῆς
- 27 Lè sa a, wa peyi Lasiri a bay lòd sa a: Pran yonn nan prèt nou te fè prizonye yo, voye l' tounen al viv laba a pou l' ka moutre moun yo jan pou yo sèvi bondye peyi a.
Then the king of Assyria gave orders, saying, Send there one of the priests whom you took away, and let him be living there and teaching the people the way of the god of the land.
καὶ ἐνετείλατο ὁ βασιλεὺς ἀσσυρίων λέγων ἀπάγετε ἐκεῖθεν καὶ πορευέσθωσαν καὶ κατοικεῖτωσαν ἐκεῖ καὶ φωτισοῦσιν αὐτοὺς τὸ κρίμα τοῦ θεοῦ τῆς γῆς
- 28 Se konsa yonn nan prèt yo te depòte yo tounen nan peyi Samari, l' al rete lavil Betèl, li moutre yo jan pou yo fè sèvis pou Seyè a.
So one of the priests whom they had taken away as a prisoner from Samaria came back, and, living in Beth-el, became their teacher in the worship of the Lord.
καὶ ἤγαγον ἓνα τῶν ἱερέων ὧν ἀπέκτισαν ἀπὸ σαμαρείας καὶ ἐκάθισεν ἐν βαιθελ καὶ ἦν φωτίζων αὐτοὺς πῶς φοβηθῶσιν τὸν κύριον
- 29 Men, chak nasyon te fè bondye pa yo nan lavil kote yo te rete a, yo mete yo nan tanp ansyen moun peyi Izrayèl yo te bati pou zidòl yo.
And every nation made gods for themselves, and put them in the houses of the high places which the Samaritans had made, every nation in the towns where they were living.
καὶ ἦσαν ποιοῦντες ἔθνη ἔθνη θεοὺς αὐτῶν καὶ ἔθνηκαν ἐν οἴκῳ τῶν ὑψηλῶν ὧν ἐποίησαν οἱ σαμαριῖται ἔθνη ἐν ταῖς πόλεσιν αὐτῶν ἐν αἷς κατόκου ἐν αὐταῖς
- 30 Moun lavil Babilòn yo te fè pòtre Soukòt Benòt. Moun lavil Kout yo te fè pòtre Negal. Moun lavil Amat yo te fè pòtre Asima.
The men of Babylon made Succoth-benoth, and the men of Cuth made Nergal, and the men of Hamath made Ashima,
καὶ οἱ ἄνδρες βαβυλωνῶν ἐποίησαν τὴν σοκχωθβαινιθ καὶ οἱ ἄνδρες χουθ ἐποίησαν τὴν νηριγελ καὶ οἱ ἄνδρες αμαθ ἐποίησαν τὴν ασιμαθ
- 31 Moun lavil Ava yo te fè pòtre Nibaz ak Tatak. Moun lavil Sefavayim yo ofri pitit yo pou boule pou Adramelèk ak Anamelèk, bondye pa yo.
The Avvites made Nibhaz and Tartak, and the Sepharvites gave their children to be burned in the fire to Adrammelech and Anammelech, the gods of Sepharvaim.
καὶ οἱ εὐαῖοι ἐποίησαν τὴν εβλαζερ καὶ τὴν θαρθακ καὶ οἱ σεφαρουαῖν κατέκαιον τοὺς υἱοὺς αὐτῶν ἐν πυρὶ τῷ αδραμελεχ καὶ ανημελεχ θεοῖς σεφαρουαῖν
- 32 Kifè yo t'ap sèvi Seyè a, men an menm tan yo chwazi moun nan mitan yo pou sèvi prèt zidòl yo, pou fè sèvis pou yo nan tanp zidòl yo.
So they went on worshipping the Lord, and made for themselves, from among all the people, priests for the high places, to make offerings for them in the houses of the high places.
καὶ ἦσαν φοβούμενοι τὸν κύριον καὶ κατόκουσαν τὰ βδελύγματα αὐτῶν ἐν τοῖς οἴκοις τῶν ὑψηλῶν ἃ ἐποίησαν ἐν σαμαρείᾳ ἔθνος ἔθνος ἐν πόλει ἐν ἣ κατόκου ἐν αὐτῇ καὶ ἦσαν φοβούμενοι τὸν κύριον καὶ ἐποίησαν ἑαυτοῖς ἱερεῖς τῶν ὑψηλῶν καὶ ἐποίησαν ἑαυτοῖς ἐν οἴκῳ τῶν ὑψηλῶν
- 33 Se konsa yo t'ap adore Seyè a men yo t'ap adore bondye pa yo tou, dapre koutim peyi kote yo te soti.
They gave worship to the Lord, but they gave honour to their gods like the nations did from whom they had been taken as prisoners.
τὸν κύριον ἐφοβοῦντο καὶ τοῖς θεοῖς αὐτῶν ἐλάτρευον κατὰ τὸ κρίμα τῶν ἔθνῶν ὅθεν ἀπέκτισεν αὐτοὺς ἐκεῖθεν
- 34 Jouk jounen jòdi a y'ap fè sa yo te konn fè a. Men, yo pa adore Seyè a, yo pa fè sa li mande nan lalwa ak kòmandman li te bay moun fanmi Jakòb yo swiv. Se Jakòb sa a Bondye sèl Mèt la te bay yon lòt non, li te rele l' Izrayèl.
So to this day they go on in their old ways, not worshipping the Lord or keeping his orders or his ways or the law and the rule which the Lord gave to the children of Jacob, to whom he gave the name Israel;
ἔως τῆς ἡμέρας ταύτης αὐτοὶ ἐποιοῦν κατὰ τὸ κρίμα αὐτῶν αὐτοὶ φοβοῦνται καὶ αὐτοὶ ποιοῦσιν κατὰ τὰ δικαιώματα αὐτῶν καὶ κατὰ τὴν κρίσιν αὐτῶν καὶ κατὰ τὸν νόμον καὶ κατὰ τὴν ἐντολήν ἣν ἐνετείλατο κύριος τοῖς υἱοῖς ἰακωβ οὐ ἔθηκεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰσραηλ.
- 35 Seyè a te pase yon kontra ak pitit Jakòb yo, li te ba yo lòd sa a: Pa sèvi lòt bondye, pa mete jenou atè devan yo. Pa fè sèvis pou yo, pa ofri ankenn bèt pou touye pou yo.
And the Lord made an agreement with them and gave them orders, saying, You are to have no other gods; you are not to give worship to them or be their servants or make them offerings:
καὶ διεθέτο κύριος μετ' αὐτῶν διαθήκην καὶ ἐνετείλατο αὐτοῖς λέγων οὐ φοβηθήσεσθε θεοὺς ἐτέρους καὶ οὐ προσκυνήσετε αὐτοῖς καὶ οὐ λατρεύσετε αὐτοῖς καὶ οὐ θυσιάσετε αὐτοῖς
- 36 Se mwen menm Seyè a pou nou sèvi, mwen menm Bondye nou an ki te fè nou soti kite peyi Lejip ak gwo kouraj mwen, ak fòs ponyèt mwen. Se mwen menm sèlman pou nou sèvi, pou nou adore. Se pou mwen ase pou nou ofri bèt pou touye.
But the Lord, who took you out of the land of Egypt with his great power and his outstretched arm, he is your God, to whom you are to give worship and make offerings:
ὅτι ἄλλ' ἢ τῷ κυρίῳ ὃς ἀνήγαγεν ἡμᾶς ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐν ἰσχύϊ μεγάλῃ καὶ ἐν βραχίονι ὑψηλῷ αὐτὸν φοβηθήσεσθε καὶ αὐτῷ προσκυνήσετε καὶ αὐτῷ θύσετε

- 37 Se pou nou toujou kenbe prensip ak regleman, lòd ak kòmandman mwen te ekri ban nou pou nou te ka swiv yo chak jou. Piga nou gen krentif pou bondye lòt nasyon yo.
And the rules and the orders and the law which he put in writing for you, you are to keep and do for ever; you are to have no other gods.
καὶ τὰ δικαιώματα καὶ τὰ κρίματα καὶ τὸν νόμον καὶ τὰς ἐντολάς ὡς ἔγραψεν ὑμῖν φυλάσσετε ποιεῖν πάσας τὰς ἡμέρας καὶ οὐ φοβηθήσεσθε θεοὺς ἑτέρους
- 38 Piga nou bliye kontra mwen te pase ak nou an. Piga nou gen krentif pou bondye lòt nasyon yo.
And you are to keep in memory the agreement which I have made with you; and you are to have no other gods.
καὶ τὴν διαθήκην ἣν διεθέτο μεθ' ὑμῶν οὐκ ἐπιλήσετε καὶ οὐ φοβηθήσεσθε θεοὺς ἑτέρους
- 39 Se mwen menm ase, Seyè a, Bondye nou an, pou nou sèvi, m'a delivre nou anba men lènmi nou yo.
And you are to give worship to the Lord your God; for it is he who will give you salvation from the hands of all who are against you.
ὅτι ἀλλ' ἢ τὸν κύριον θεὸν ὑμῶν φοβηθήσεσθε καὶ αὐτὸς ἐξελεῖται ὑμᾶς ἐκ πάντων τῶν ἐχθρῶν ὑμῶν
- 40 Men, moun yo pa koute m', yo toujou ap fè sa yo te konn fè anvan an.
But they gave no attention, but went on in their old way.
καὶ οὐκ ἀκούσεσθε ἐπὶ τῷ κρίματι αὐτῶν ὃ αὐτοὶ ποιοῦσιν
- 41 Konsa moun nasyon sa yo t'ap sèvi Seyè a, men yo te toujou ap sèvi zidòl pa yo tou. Pitit yo ak pitit pitit yo ap fè tankou papa yo jouk jounen jòdi a.
So these nations, worshipping the Lord, still were servants to the images they had made; their children and their children's children did the same; as their fathers did, so do they, to this day.
καὶ ἦσαν τὰ ἔθνη ταῦτα φοβούμενοι τὸν κύριον καὶ τοῖς γλυπτοῖς αὐτῶν ἦσαν δουλεύοντες καὶ γε οἱ υἱοὶ καὶ οἱ υἱοὶ τῶν υἱῶν αὐτῶν καθὰ ἐποίησαν οἱ πατέρες αὐτῶν ποιοῦσιν ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 1 ¶ Oze, pitit Ela, t'ap mache sou twazan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl lè Ezekyas, pitit gason Akaz, moute wa nan peyi Jida.
Now in the third year of Hoshea, son of Elah, king of Israel, Hezekiah, the son of Ahaz, became king of Judah.
καὶ ἐγένετο ἐν ἔτει τρίτῳ τῷ ὤσῃ υἱῷ ἡλα βασιλεῖ ἰσραηλ ἐβασίλευσεν ἐζεκιᾶς υἱὸς ἀχαζ βασιλέως ἰουδα
- 2 Lè sa a, li te gen venssenkan. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan ventnevan. Manman l' te rele Abi. Se te pitit fi Zakari.
He was twenty-five years old when he became king, ruling in Jerusalem for twenty-nine years; his mother's name was Abi, the daughter of Zechariah.
υἱὸς εἴκοσι καὶ πέντε ἐτῶν ἦν ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν καὶ εἴκοσι καὶ ἐννέα ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλημ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ αβου θυγάτηρ ζαχαρίου
- 3 Li te mache dwat devan Seyè a, li te fè menm jan ak David, zansèt li a.
He did what was right in the eyes of the Lord as David his father had done.
καὶ ἐποίησεν τὸ εὐθὲς ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησεν δαυὶδ ὁ πατὴρ αὐτοῦ
- 4 Se li menm ki te kraze tout tanp zidòl yo. Li kraze tout wòch yo te mete kanpe pou zidòl yo, li koupe estati Achera yo. Li kraze an miyèt moso estati sèpan an kwiv Moyiz te fè a, paske jouk lè sa a toujou pèp Izrayèl la t'ap boule lansan pou li. Yo te rele l' Newouchtan.
He had the high places taken away, and the stone pillars broken to bits, and the Asherah cut down; and the brass snake which Moses had made was crushed to powder at his order, because in those days the children of Israel had offerings burned before it, and he gave it the name Nehushtan.
αὐτὸς ἐξῆρεν τὰ ὑψηλὰ καὶ συνέτριψεν πάσας τὰς στήλας καὶ ἐξωλέθρευσεν τὰ ἄλση καὶ τὸν ὄφιν τὸν χαλκοῦν ὃν ἐποίησεν μουσῆς ὅτι ἕως τῶν ἡμερῶν ἐκεῖνων ἦσαν οἱ υἱοὶ ἰσραηλ θυμιῶντες αὐτῷ καὶ ἐκάλεσεν αὐτὸν νεεσθαν
- 5 Ezekyas te mete tout konfyans li nan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Peyi Jida a pa janm gen yon wa tankou l', ni anvan l' ni apre l'.
He had faith in the Lord, the God of Israel; so that there was no one like him among all the kings of Judah who were before him.
ἐν κυρίῳ θεῷ ἰσραηλ ἤλπισεν καὶ μετ' αὐτὸν οὐκ ἐγενήθη ὅμοιος αὐτῷ ἐν βασιλεύειν ἰουδα καὶ ἐν τοῖς γενομένοις ἔμπροσθεν αὐτοῦ
- 6 Li te kenbe Bondye li fèm, li pa t' janm dezobeyi l'. Li te fè tou sa Seyè a te mande dapre lòd Seyè a te bay Moyiz.
For his heart was fixed on the Lord, not turning from his ways, and he did his orders which the Lord gave to Moses.
καὶ ἐκολλήθη τῷ κυρίῳ οὐκ ἀπέστη ὀπισθεν αὐτοῦ καὶ ἐφύλαξεν τὰς ἐντολάς αὐτοῦ ὅσας ἐνετείλατο μουσῆ
- 7 Se poutèt sa, Seyè a te toujou la avè l'. Tou sa li te fè te byen soti. Ezekyas kenbe tèt ak wa peyi Lasiri a. Li derefize soumèt devan li.
And the Lord was with him; he did well in all his undertakings: and he took up arms against the king of Assyria and was his servant no longer.
καὶ ἦν κύριος μετ' αὐτοῦ ἐν πᾶσιν οἷς ἐποίει συνῆκεν καὶ ἠθέτησεν ἐν τῷ βασιλεῖ ἀσσυρίων καὶ οὐκ ἐδούλευσεν αὐτῷ
- 8 Li bat moun peyi Filisti yo, li kouri dèyè yo rive lavil Gaza ak sou fwontyè l' yo, li piye dènnye kote yo te rete, depi ti bouk avanpòs yo rive nan gwo lavil ak ranpa yo.
He overcame the Philistines as far as Gaza and its limits, from the tower of the watchman to the walled town.
αὐτὸς ἐπάταξεν τοὺς ἀλλοφύλους ἕως γάζης καὶ ἕως ὀρίου αὐτῆς ἀπὸ πύργου φυλασσόντων καὶ ἕως πόλεως ὀχυρᾶς

- 9 ¶ Ezeqyas t'ap mache sou katran depi li te wa nan peyi Jida, Oze, pitit Ela a menm, te gen sètan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl la lè Salmanaza, wa peyi Lasiri a, anvayi peyi Izrayèl, li sènen lavil Samari.
Now in the fourth year of King Hezekiah, which was the seventh year of Hoshea, son of Elah, king of Israel, Shalmaneser, king of Assyria, came up against Samaria, shutting it in with his armies.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἔτει τῷ τετάρτῳ βασιλεῖ εζεκια αὐτὸς ἑνιαυτὸς ὁ ἕβδομος τῷ ὡσηε υἱῷ ἡλα βασιλεῖ ἰσραηλ ἀνέβη σαλαμανασσαρ βασιλεὺς ἀσσυρίων ἐπὶ σαμάρειαν καὶ ἐπολιόρκει ἐπ' αὐτήν
- 10 Sou bout twazan, li pran lavil la. Lè sa a, Ezeqyas t'ap mache sou sizan depi li te wa, Oze menm te gen nevan depi li t'ap gouvènen peyi Izrayèl.
And at the end of three years they took it; in the sixth year of Hezekiah's rule, which was the ninth year of Hoshea, king of Israel, Samaria was taken.
καὶ κατελάβετο αὐτήν ἀπὸ τέλους τριῶν ἐτῶν ἐν ἔτει ἕκτῳ τῷ εζεκια αὐτὸς ἑνιαυτὸς ἑναυτὸς τῷ ὡσηε βασιλεῖ ἰσραηλ καὶ συνελήμφθη σαμάρεια
- 11 Salmanaza fè tout moun peyi Izrayèl yo prizonnye. Li depòte yo nan peyi Lasiri. Li mete yon pati ladan yo lavil Ala, toupre larivnyè Abò nan zòn Gozan an, yon pati nan lavil peyi Medì yo.
And the king of Assyria took Israel away as prisoners into Assyria, placing them in Halah and in Habor on the river Gozan, and in the towns of the Medes;
καὶ ἀπόκισεν βασιλεὺς ἀσσυρίων τὴν σαμάρειαν εἰς ἀσσυρίους καὶ ἔθηκεν αὐτοὺς ἐν ἀλαε καὶ ἐν ἀβωρ ποταμῷ γωζαν καὶ ὀρη μῆδων
- 12 Lavil Samari te tonbe paske moun pèp Izrayèl yo pa t' obeyi Seyè a, Bondye yo a. Yo pa t' respekte kontra li te pase ak yo a. Yo pa t' fè tou sa Moyiz, sèvitè Seyè a, te mande yo fè. Yo pa t' koute l'.
Because they did not give ear to the voice of the Lord their God, but went against his agreement, even against everything ordered by Moses, the servant of the Lord, and they did not give ear to it or do it.
ἀνθ' ὧν ὅτι οὐκ ἤκουσαν τῆς φωνῆς κυρίου θεοῦ αὐτῶν καὶ παρέβησαν τὴν διαθήκην αὐτοῦ πάντα ὅσα ἐνετείλατο μουσῆς ὁ δοῦλος κυρίου καὶ οὐκ ἤκουσαν καὶ οὐκ ἐποίησαν
- 13 Wa Ezeqyas t'ap mache sou katòzan depi li t'ap gouvènen peyi Jida lè Senakerib, wa peyi Lasiri, vin atake tout lavil ak gwo ranpa peyi Jida yo. Li pran yo.
Now in the fourteenth year of king Hezekiah, Sennacherib, king of Assyria, came up against all the walled towns of Judah and took them.
καὶ τῷ τεσσαρεσκαίδεκάτῳ ἔτει βασιλεῖ εζεκιου ἀνέβη σενναχηριμ βασιλεὺς ἀσσυρίων ἐπὶ τὰς πόλεις ἰουδα τὰς ὄχυράς καὶ συνέλαβεν αὐτάς
- 14 Lè sa a, Ezeqyas, wa peyi Jida, voye yon mesaj bay Senakerib ki te lavil Lakis. Li di l' konsa: --Sa m' fè a mal. Tanpri, pa atake m' ankò. Nenpòt kisa w'a egzije m' bay, m'ap ba ou li. Wa peyi Lasiri a egzije pou Ezeqyas, wa peyi Jida a, ba li dis tòn ajan ak yon tòn lò.
And Hezekiah, king of Judah, sent to Lachish, to the king of Assyria, saying, I have done wrong; give up attacking me, and whatever you put on me I will undergo. And the payment he was to make was fixed by the king of Assyria at three hundred talents of silver and thirty talents of gold.
καὶ ἀπέστειλεν εζεκιας βασιλεὺς ἰουδα ἀγγέλους πρὸς βασιλέα ἀσσυρίων εἰς λαχίς λέγων ἡμάρτηκα ἀποστράφητι ἀπ' ἐμοῦ ὃ ἐὰν ἐπιθῆς ἐπ' ἐμέ βαστάσω καὶ ἐπέθηκεν ὁ βασιλεὺς ἀσσυρίων ἐπὶ εζεκια ν βασιλέα ἰουδα τριακόσια τάλαντα ἀργυρίου καὶ τριάκοντα τάλαντα χρυσίου
- 15 Ezeqyas ba li tout ajan ki te nan Tanp Seyè a ak nan trezò palè a.
So Hezekiah gave him all the silver in the house of the Lord, and in the king's store-house.
καὶ ἔδωκεν εζεκιας πᾶν τὸ ἀργύριον τὸ εὑρεθὲν ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ ἐν θησαυροῖς οἴκου τοῦ βασιλέως
- 16 Li dekale tout lò li menm li te fè plake sou pòt ak chanbrann pòt Tanp Seyè a, li voye yo bay wa peyi Lasiri a.
And at that time Hezekiah had the gold from the doors of the Lord's house, and from the door-pillars plated by him, cut off and gave it to the king of Assyria.
ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ συνέκοψεν εζεκιας τὰς θύρας ναοῦ κυρίου καὶ τὰ ἐστηριγμένα ἃ ἐχρῦσωσεν εζεκιας βασιλεὺς ἰουδα καὶ ἔδωκεν αὐτὰ βασιλεῖ ἀσσυρίων
- 17 ¶ Apre sa, wa peyi Lasiri a rete lavil Lakis li voye kòmandan chèf lame li a, chèf gad pèsònèl li a ak chèf gad palè li a ansanm ak yon gwo lame bò kote Ezeqyas. Yo moute lavil Jerizalèm pou atake l'. Lè yo rive la, yo moute kan yo sou wout ki mennen nan jaden kote yo lave twal ki fenk tenn yo, toupre kannal ki bay dlo nan rezènwà anwo lavil la.
Then the king of Assyria sent the Tartan and the Rab-saris and the Rab-shakeh from Lachish to Jerusalem, to King Hezekiah, with a strong force. And they went up and came to Jerusalem, and took up their position by the stream of the higher pool, by the highway of the washerman's field.
καὶ ἀπέστειλεν βασιλεὺς ἀσσυρίων τὸν θαρθαν καὶ τὸν ραφίς καὶ τὸν ραμακὴν ἐκ λαχίς πρὸς τὸν βασιλέα εζεκιαν ἐν δυνάμει βαρεῖα ἐπὶ ἱερουσαλημ καὶ ἀνέβησαν καὶ ἦλθον εἰς ἱερουσαλημ καὶ ἔστησαν ἐν τῷ ὑδραγωγῷ τῆς κολυμβήθρας τῆς ἄνω ἣ ἔστιν ἐν τῇ ὁδῷ τοῦ ἀγροῦ τοῦ γναφέως
- 18 Yo voye chache wa a. Men se twa otorite ki soti vin jwenn yo. Se te Elyakim, pitit Pkija a, ki te chèf moun k'ap travay nan palè a, Chebna, sekretè a, ak Joak, pitit Asaf la, ki te reskonsab achiv leta a.
And they sent for the king, and Eliakim, the son of Hilkiah, who was over the house, and Shebna the scribe, and Joah, the son of Asaph, the recorder, came out to them.
καὶ ἐβόησαν πρὸς εζεκιαν καὶ ἐξῆλθον πρὸς αὐτὸν ελιακιμ υἱὸς χελκίου ὁ οἰκονόμος καὶ σομνας ὁ γραμματεὺς καὶ ἰωας υἱὸς ασαφ ὁ ἀναμνησκων
- 19 Chèf gad palè wa Lasiri a di yo konsa: --Ale di wa Ezeqyas men mesaj gran wa a, wa peyi Lasiri a, voye ba li: Poukisa ou gen tout konfyans sa a?
And the Rab-shakeh said to them, Say now to Hezekiah, These are the words of the great king, the king of Assyria: In what are you placing your hope?
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς ραμακὴς εἶπατε δὴ πρὸς εζεκιαν τάδε λέγει ὁ βασιλεὺς ὁ μέγας βασιλεὺς ἀσσυρίων τίς ἢ πεποιθήσις αὐτῆ ἦν πέποιθας
- 20 Ou konprann ou ka fè lagè ak bèl pawòl ase, san ou pa bezwen lespri ak bon sòlda? Sou ki moun ou apiye pou ou kenbe tèt ak mwen konsa?
You say you have a design, and strength for war, but these are only words. Now to whom are you looking for support, that you have gone against my authority?
εἶπας πλὴν λόγοι χειλέων βουλή καὶ δύναμις εἰς πόλεμον νῦν οὖν τίνι πεποιθῶς ἠθέτησας ἐν ἐμοί

- 21 W'al mete konfyans ou nan peyi Lejip! Yon baton wozo tou kase! Anvan ou apiye sou li, l'ap antre nan men ou, l'ap blese ou. Farawon an, wa peyi Lejip ou wè a, se konsa li ye pou tout moun ki fè l' konfyans.
See, now, you are basing your hope on that broken rod of Egypt, which will go through a man's hand if he makes use of it for a support; for so is Pharaoh, king of Egypt, to all who put their faith in him.
νῦν ἰδοὺ πέποιθας σαυτῷ ἐπὶ τὴν ῥάβδον τὴν καλαμίνην τὴν τεθλασμένην ταύτην ἐπ' αἴγυπτον ὃς ἂν στηριχθῆ ἄνηρ ἐπ' αὐτὴν καὶ εἰσελεύσεται εἰς τὴν χεῖρα αὐτοῦ καὶ τρήσει αὐτὴν οὕτως φαραω βασιλεὺς αἰγύπτου πᾶσιν τοῖς πεποιθόσιν ἐπ' αὐτόν
- 22 Nou pral di m' koulye a se nan Seyè a, Bondye nou an, nou mete konfyans nou! Atò, se pa kote nou te mete apa pou li yo ansanm ak tout lotèl li yo wa Ezekyas te fè disparèt nan peyi a, lèfini, li mande tout moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm pou yo vin devan you sèl lotèl la?
And if you say to me, Our hope is in the Lord our God: is it not he, whose high places and altars Hezekiah has taken away, saying to Judah and Jerusalem that worship may only be given before this altar in Jerusalem?
καὶ ὅτι εἶπας πρὸς με ἐπὶ κύριον θεὸν πεποιθᾶμεν οὐχὶ αὐτὸς οὗτος οὗ ἀπέστησεν ἐξεκίας τὰ ὑψηλὰ αὐτοῦ καὶ τὰ θυσιαστήρια αὐτοῦ καὶ εἶπεν τῷ ἰουδα καὶ τῇ ἱερουσαλημ ἐνώπιον τοῦ θυσιαστηρίου τούτου προσκυνήσετε ἐν ἱερουσαλημ
- 23 Antann nou avè mèl mwen an, wa peyi Lasiri a. Lèfini, m'ap ban nou demil (2.000) chwal si nou ka jwenn demil sòlda pou moute yo.
And now, take a chance with my master, the king of Assyria, and I will give you two thousand horses, if you are able to put horsemen on them.
καὶ νῦν μίχθητε δὴ τῷ κυρίῳ μου βασιλεῖ ἄσσυρίων καὶ δώσω σοι δισχιλίους ἵππους εἰ δυνήσῃ δοῦναι σεαυτῷ ἐπιβάτας ἐπ' αὐτούς
- 24 Ou pa menm gen moun ase pou bat yonn nan pi piti chèf ki sou lòd wa mwen an! Epi se sou peyi Lejip w'ap konte pou jwenn cha lagè ak kavalye pou fè lagè?
How then may you put to shame the least of my master's servants? and you have put your hope in Egypt for war-carriages and horsemen:
καὶ πῶς ἀποστρέψεις τὸ πρόσωπον τοπάρχου ἑνὸς τῶν δούλων τοῦ κυρίου μου τῶν ἐλαχίστων καὶ ἠλπισας σαυτῷ ἐπ' αἴγυπτον εἰς ἄρματα καὶ ἵππους
- 25 Epitou, pa konprann se san konsantman Seyè a mwen vin atake peyi a pou m' detwi l'. Se Seyè a menm ki di m' atake peyi ou la pou m' detwi l'.
And have I now come up to send destruction on this place without the Lord's authority? It was the Lord himself who said to me, Go up against this land and make it waste.
καὶ νῦν μὴ ἄνευ κυρίου ἀνέβημεν ἐπὶ τὸν τόπον τούτον τοῦ διαφθεῖραι αὐτόν κύριος εἶπεν πρὸς με ἀνάβηθι ἐπὶ τὴν γῆν ταύτην καὶ διάφθειρον αὐτήν
- 26 Lè sa a, Elyakim, pitit Ilkija a, Chebna ansanm ak Joak, di chèf gad palè a: --Tanpri, mèl. Pale arameyen ak nou. Nou konprann lang sa a. Men, pa pale ebre. Tout moun ki sou miray la ap koute.
Then Eliakim, the son of Hilkiyah, and Shebna and Joah said to the Rab-shakeh, Will you kindly make use of the Aramaean language in talking to your servants, for we are used to it, and do not make use of the Jews' language in the hearing of the people on the wall.
καὶ εἶπεν ελιακιμ υἱὸς χελκιου καὶ σομνας καὶ ἰωας πρὸς ραφακιην λέλῃσον δὴ πρὸς τοὺς παιδᾶς σου συριστί ὅτι ἀκούομεν ἡμεῖς καὶ οὐ λαλήσεις μεθ' ἡμῶν ἰουδαῖστί καὶ ἵνα τί λαλεῖς ἐν τοῖς ὤσιν τοῦ λαοῦ τοῦ ἐπὶ τοῦ τείχους
- 27 Men, chèf gad palè a di yo an ebre: --An! Nou konprann se pou wa nou an ansanm ak nou twa la a ase wa mwen an voye m' vin pale pawòl sa yo? Non. M'ap pale ak tout moun ki chita sou miray la tou. Yo menm tou yo pral manje pou pou yo, yo pral bwè pipi yo ansanm ak nou!
But the Rab-shakeh said to them, Is it to your master or to you that my master has sent me to say these words? has he not sent me to the men seated on the wall? for they are the people who will be short of food with you when the town is shut in.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς ραφακιης μὴ ἐπὶ τὸν κύριόν σου καὶ πρὸς σὲ ἀπέστειλén με ὁ κύριός μου λαλήσαι τοὺς λόγους τούτους οὐχὶ ἐπὶ τοὺς ἄνδρας τοὺς καθημένους ἐπὶ τοῦ τείχους τοῦ φαγεῖν τὴν κόπρον αὐτῶν καὶ πιεῖν τὸ οὔρον αὐτῶν μεθ' ὑμῶν ἅμα
- 28 Lè sa a, chèf gad palè a kanpe, li pran pale byen fò an ebre, li di konsa: --Koute sa gran wa a, wa peyi Lasiri a, voye di nou.
Then the Rab-shakeh got up and said with a loud voice in the Jews' language, Give ear to the words of the great king, the king of Assyria;
καὶ ἔστη ραφακιης καὶ ἐβόησεν φωνῇ μεγάλῃ ἰουδαῖστί καὶ ἐλάλησεν καὶ εἶπεν ἀκούσατε τοὺς λόγους τοῦ μεγάλου βασιλέως ἄσσυρίων
- 29 Li voye di nou pa kite Ezekyas twonpe nou. Li pa ka sove nou tande.
This is what the king says: Do not be tricked by Hezekiah, for there is no salvation for you in him.
τάδε λέγει ὁ βασιλεὺς μὴ ἐπαιρέτω ὑμᾶς ἐξεκίας λόγοις ὅτι οὐ μὴ δύνηται ὑμᾶς ἐξελεῖσθαι ἐκ χειρὸς μου
- 30 Pa kite l' pran tèt nou lè l'ap di nou nou mèl sèten Seyè a pral sove nou, Seyè a p'ap lage lavil la nan men wa peyi Lasiri a.
And do not let Hezekiah make you put your faith in the Lord, saying, The Lord will certainly keep us safe, and this town will not be given into the hands of the king of Assyria.
καὶ μὴ ἐπεπιζέτω ὑμᾶς ἐξεκίας πρὸς κύριον λέγων ἐξαίρουμένους ἐξελεῖται ἡμᾶς κύριος οὐ μὴ παραδοθῆ ἡ πόλις αὕτη ἐν χειρὶ βασιλέως ἄσσυρίων

- 31 Pa koute wa Ezeekyas! Wa peyi Lasiri a mande pou nou fè lapè avè l', pou nou rann tèt nou ba li. Konsa, nou tout ka manje rezen nan jaden rezen nou, n'a ka manje fig Frans nan pye fig Frans nou, n'a ka bwè dlo nan pi nou.
Do not give ear to Hezekiah, for this is what the king of Assyria says: Make peace with me and come out to me; and everyone will be free to take the fruit of his vine and of his fig-tree, and the water of his spring;
μη ἀκούετε εζεκιου ὅτι τάδε λέγει ὁ βασιλεὺς ἀσσυρίων ποιήσατε μετ' ἐμοῦ εὐλογίαν καὶ ἐξέλθατε πρὸς με καὶ πίεται ἀνὴρ τὴν ἄμπελον αὐτοῦ καὶ ἀνὴρ τὴν συκὴν αὐτοῦ φάγεται καὶ πίεται ὕδωρ τοῦ λάκκου αὐτοῦ
- 32 Lè wa a va vin isit la pita, la pran nou, la mennen nou nan yon lòt peyi ki tankou peyi pa nou an, yon peyi kote ki gen anpil ble pou fè farin ak anpil rezen pou fè diven, yon peyi kote ki gen pye oliv pou fè lwil oliv ak anpil siwo myèl. Konsa n'a viv, nou p'ap mouri. Pa kite Ezeekyas pran tèt nou pou nou kwè Seyè a va delivre nou.
Till I come and take you away to a land like yours, a land of grain and wine, a land of bread and vine-gardens, a land of oil-giving olives and of honey, so that life and not death may be your fate. Give no attention to Hezekiah when he says to you, The Lord will keep us safe.
ἕως ἔλθω καὶ λάβω ὑμᾶς εἰς γῆν ὡς γῆ ὑμῶν γῆ σίτου καὶ οἴνου καὶ ἄρτου καὶ ἀμπελώνων γῆ ἐλαιᾶς ἐλαίου καὶ μέλιτος καὶ ζήσετε καὶ οὐ μὴ ἀποθάνητε καὶ μὴ ἀκούετε εζεκιου ὅτι ἀπατᾷ ὑμᾶς λέγων κύριος ῥύσεται ἡμᾶς
- 33 Eske bondye lòt nasyon yo te delivre yo anba men wa peyi Lasiri a?
Has any one of the gods of the nations kept his land from falling into the hands of the king of Assyria?
μη ῥύόμενοι ἐρρύσαντο οἱ θεοὶ τῶν ἐθνῶν ἕκαστος τὴν ἑαυτοῦ χώραν ἐκ χειρὸς βασιλέως ἀσσυρίων
- 34 Kote bondye moun Amat yo ak bondye moun Apad yo? Kote bondye moun Sefavayim yo, moun Ena ak moun Iva yo? Eske yo te sove peyi Samari anba men l' ?
Where are the gods of Hamath and of Arpad? where are the gods of Sepharvaim, of Hena and Ivvah? have they kept Samaria out of my hands?
ποῦ ἐστὶν ὁ θεὸς αἰμαθ καὶ αρφαδ ποῦ ἐστὶν ὁ θεὸς σεφαρουαὶν καὶ ὅτι ἐξείλαντο σαμάρειαν ἐκ χειρὸς μου
- 35 Nan tout bondye sa yo, kilès ki te rive sove moun yo anba men l' ? Poukisa atò se Seyè a ki pou ta sove lavil Jerizalèm anba men l' ?
Who among all the gods of these countries have kept their country from falling into my hands, to give cause for the thought that the Lord will keep Jerusalem from falling into my hands?
τίς ἐν πᾶσιν τοῖς θεοῖς τῶν γαιῶν οἱ ἐξείλαντο τὴν γᾶν αὐτῶν ἐκ χειρὸς μου ὅτι ἐξελεῖται κύριος τὴν ἱερουσαλημ ἐκ χειρὸς μου
- 36 Men pèp la pa louvri bouch reponn, yo pa di yon mo paske wa a te bay lòd pou pesonn pa reponn.
But the people kept quiet and gave him no answer: for the king's order was, Give him no answer.
καὶ ἐκόφεισαν καὶ οὐκ ἀπεκρίθησαν αὐτῷ λόγον ὅτι ἐντολὴ τοῦ βασιλέως λέγον οὐκ ἀποκριθήσεσθε αὐτῷ
- 37 Apre sa, Elyakim, pitit Ilkija a, ki chèf moun k'ap travay nan palè a, Chebna, sekretè a ak Joak, pitit Azaf la, ki te reskonsab achiv leta a, chire rad sou yo sitèlman sa te fè yo lapenn. Yo tounen al jwenn Ezeekyas, yo rapòte l' tou sa chèf gad palè wa Lasiri a te di.
Then Eliakim, the son of Hilkiah, who was over the house, and Shebna the scribe, and Joah, the son of Asaph, the recorder, came to Hezekiah, with their clothing parted as a sign of grief, and gave him an account of what the Rab-shakeh had said.
καὶ εἰσῆλθεν ελιακιμ υἱὸς χελκιου ὁ οἰκονόμος καὶ σομνας ὁ γραμματεὺς καὶ ιωας υἱὸς ασαφ ὁ ἀναμνησκων πρὸς εζεκιαν διερρηχότες τὰ ἱμάτια καὶ ἀνήγγειλαν αὐτῷ τοὺς λόγους ραφακου
- 1 ¶ Lè wa Ezeekyas tande pawòl sa yo, li chire rad sou li tèlman sa te fè l' lapenn, li mete yon rad sak sou li, epi l' al nan tanp Seyè a.
And on hearing it, King Hezekiah took off his robe, and put on haircloth, and went into the house of the Lord.
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν ὁ βασιλεὺς εζεκιᾶς καὶ διέρρηξεν τὰ ἱμάτια ἑαυτοῦ καὶ περιεβάλετο σάκκον καὶ εἰσῆλθεν εἰς οἶκον κυρίου
- 2 Li voye Elyakim, chèf moun k'ap travay nan palè a, ak Chebna, sekretè a, ansanm ak chèf prèt yo, bò kote pwofèt Ezayi, pitit Amòz la. Yo tout te gen rad sak sou yo.
And he sent Eliakim, who was over the house, and Shebna the scribe, and the chief priests, dressed in haircloth, to Isaiah the prophet, the son of Amoz.
καὶ ἀπέστειλεν ελιακιμ τὸν οἰκονόμον καὶ σομναν τὸν γραμματέα καὶ τοὺς πρεσβυτέρους τῶν ἱερέων περιβεβλημένους σάκκου πρὸς Ἡσαϊαν τὸν προφήτην υἱὸν ἀμοῦς
- 3 Men mesaj Ezeekyas te ba yo pou Ezayi: --Jodi a se jou malè pou nou! Bondye ap peni nou. Se yon wont pou nou. Nou tankou yon fanm ansent ki deja kase lèzo, men ki pa gen fòs pou li pouse pitit la sotí.
And they said to him, Hezekiah says, This day is a day of trouble and punishment and shame; for the children are ready to come to birth, but there is no strength to give birth to them.
καὶ εἶπον πρὸς αὐτὸν τάδε λέγει εζεκιᾶς ἡμέρα θλίψεως καὶ ἐλεγμοῦ καὶ παροργισμοῦ ἡ ἡμέρα αὕτη ὅτι ἦλθον υἱοὶ ἕως ὠδίνων καὶ ἰσχυρὸς οὐκ ἔστιν τῇ τικτοῦσῃ
- 4 Wa peyi Lasiri a te voye chèf gad palè li a manke Bondye vivan an dega. Se pou Seyè a, Bondye ou la, tande tout jouman sa yo. Se pou l' peni moun ki di pawòl sa yo. Ou menm, lapriyè pou rèz moun pèp nou an ki vivan toujou.
It may be that the Lord your God will give ear to the words of the Rab-shakeh, whom the king of Assyria, his master, sent to say evil things against the living God, and will make his words come to nothing: so then make your prayer for the rest of the people.
εἰ πως εἰσακούσεται κύριος ὁ θεὸς σου πάντα τοὺς λόγους ραφακου ὃν ἀπέστειλεν αὐτὸν βασιλεὺς ἀσσυρίων ὁ κύριος αὐτοῦ ὄνειδίζειν θεὸν ζῶντα καὶ βλασφημεῖν ἐν λόγοις οἷς ἤκουσεν κύριος ὁ θεὸς σου καὶ λήμνη προσευχῆν περὶ τοῦ λείμματος τοῦ εὐρισκομένου

- 5 Lè moun wa Ezeqyas yo al jwenn Ezayi,
So the servants of King Hezekiah came to Isaiah.
καὶ ἦλθον οἱ παῖδες τοῦ βασιλέως εζεκιου πρὸς ησαιαν
- 6 men repons Ezayi ba yo pou wa Ezeqyas: --Men sa Seyè a voye di ou: Ou pa bezwen pè tout pawòl ou tande yo, tout jouman moun wa Lasiri yo di sou mwen.
And Isaiah said to them, This is what you are to say to your master: The Lord says, Be not troubled by the words which the servants of the king of Assyria have said against me in your hearing.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ησαιας τάδε ἐρεῖτε πρὸς τὸν κύριον ὑμῶν τάδε λέγει κύριος μὴ φοβηθῆς ἀπὸ τῶν λόγων ὧν ἤκουσας ὧν ἐβλασφήμησαν τὰ παιδάρια βασιλέως ἀσσυρίων
- 7 Mwen pral fè wa Lasiri a tande yon sèl nouvèl, li pral kouri tounen nan peyi l'. Rive li rive, m'ap fè yon moun touye l'.
See, I will put a spirit into him, and bad news will come to his ears, and he will go back to his land; and there I will have him put to death by the sword.
ἰδοὺ ἐγὼ δίδωμι ἐν αὐτῷ πνεῦμα καὶ ἀκούσεται ἀγγελίαν καὶ ἀποστραφήσεται εἰς τὴν γῆν αὐτοῦ καὶ καταβαλῶ αὐτὸν ἐν ῥομφαίᾳ ἐν τῇ γῆ αὐτοῦ
- 8 ¶ Chèf gad palè a te vin konnen wa Lasiri a te pati kite Lakis pou l' t al atake lavil Libna. Se la l' al jwenn wa a,
So the Rab-shakeh went back, and when he got there the king of Assyria was making war against Libnah, for it had come to his ears that he had gone away from Lachish.
καὶ ἐπέστρεψεν ραψακης καὶ εὔρεν τὸν βασιλέα ἀσσυρίων πολεμοῦντα ἐπὶ λομνα ὅτι ἤκουσεν ὅτι ἀπῆρεν ἀπὸ λαχισ
- 9 paske wa a te pran nouvèl Tiraka, wa peyi Letiopi a, t'ap moute vin atake l'. Wa a voye lòt mesaje ankò bò kote Ezeqyas.
And when news came to him that Tirhakah, king of Ethiopia, had made an attack on him, he sent representatives to Hezekiah again, saying,
καὶ ἤκουσεν περὶ θαρακα βασιλέως αἰθιοπίων λέγων ἰδοὺ ἐξῆλθεν πολεμῆν μετὰ σοῦ καὶ ἐπέστρεψεν καὶ ἀπέστειλεν ἀγγέλους πρὸς εζεκιαν λέγων
- 10 Li di yo: --Men mesaj n'a bay Ezeqyas, wa peyi Jida a, pou mwen. Ou mèt tande Bondye ou la, Bondye ou fè konfyans la, di ou Jerizalèm p'ap tonbe nan men wa Lasiri a, pa kite l' twonpe ou.
This is what you are to say to Hezekiah, king of Judah: Let not your God, in whom is your faith, give you a false hope, saying, Jerusalem will not be given into the hands of the king of Assyria.
μὴ ἐπαίρετό σε ὁ θεός σου ἐφ' ᾧ σὺ πέποιθας ἐπ' αὐτῷ λέγων οὐ μὴ παραδοθῆ ἱερουσαλημ εἰς χεῖρας βασιλέως ἀσσυρίων
- 11 Ou te pran nouvèl sa wa Lasiri yo te fè tout lòt peyi anvan ou yo. Yo te soti pou detwi yo nèl. Atò, se ou menm ki pou ta chape anba men m!
No doubt the story has come to your ears of what the kings of Assyria have done to all lands, putting them to the curse; and will you be kept safe?
ἰδοὺ σὺ ἤκουσας πάντα ὅσα ἐποίησαν βασιλεῖς ἀσσυρίων πάσαις ταῖς γαῖς τοῦ ἀναθεματίσαι αὐτάς καὶ σὺ ῥυσθήσῃ
- 12 Lè zansèt mwen yo te touye dènye moun nan lavil Gozan, nan lavil Aran, nan lavil Rezèf ak dènye moun Betedenn yo ki rete lavil Telasa, èske bondye nasyon sa yo te delivre yo?
Did the gods of the nations keep safe those on whom my fathers sent destruction, Gozan and Haran and Rezech and the children of Eden who were in Telassar?
μὴ ἐξείλαντο αὐτοὺς οἱ θεοὶ τῶν ἐθνῶν οὓς διέφθειραν οἱ πατέρες μου τὴν τε γωζαν καὶ τὴν χαρραν καὶ ραφες καὶ υἱὸς εδεμ τοὺς ἐν θαεσθεν
- 13 Kote wa lavil Amak la, wa lavil Apad la, wa lavil Sefarayim lan, wa lavil Ena a ak wa lavil Iva a?
Where is the king of Hamath, and the king of Arpad, and the king of the town of Sepharvaim, of Hena and of Ivvah?
ποῦ ἐστὶν ὁ βασιλεὺς αμαθ καὶ ὁ βασιλεὺς αρπαδ καὶ ποῦ ἐστὶν σεφαρουαῖν ἀνα καὶ ἀνα
- 14 Ezeqyas pran lèt la nan men mesaje yo, li li l'. Apre sa, li pati al nan tanp lan, li mete lèt la devan lotèl Seyè a.
And Hezekiah took the letter from the hands of those who had come with it; and after reading it, Hezekiah went up to the house of the Lord, opening the letter there before the Lord.
καὶ ἔλαβεν εζεκιας τὰ βιβλία ἐκ χειρὸς τῶν ἀγγέλων καὶ ἀνέγνω αὐτὰ καὶ ἀνέβη εἰς οἶκον κυρίου καὶ ἀνέπτυξεν αὐτὰ εζεκιας ἐναντίον κυρίου
- 15 Epi li lapriyè Seyè a, li di l' konsa: --Seyè ki gen tout pouvwa, Bondye pèp Izrayèl la, ou menm ki chita sou fotèy zanj cheriben yo ap pote sou zepòl yo a, se ou menm sèl Bondye k'ap gouvènen tout peyi sou latè. Se ou menm ki fè syèl la ak latè a.
And Hezekiah made his prayer to the Lord, saying, O Lord, the God of Israel, seated between the winged ones, you only are the God of all the kingdoms of the earth; you have made heaven and earth.
καὶ εἶπεν κύριε ὁ θεὸς ἰσραηλ ὁ καθήμενος ἐπὶ τῶν χερουβιν σὺ εἶ ὁ θεὸς μόνος ἐν πάσαις ταῖς βασιλείαις τῆς γῆς σὺ ἐποίησας τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 16 Panche zòrèy ou non, Seyè, pou ou tande. Louvri je ou pou ou wè. Koute pawòl Senakerib voye di m', pawòl ki manke Bondye vivan an dega!
Let your ear be turned to us, O Lord, and let your eyes be open, O Lord, and see; take note of all the words of Sennacherib who has sent men to say evil against the living God.
κλῖνον κύριε τὸ οὖς σου καὶ ἄκουσον ἄνοιξον κύριε τοὺς ὀφθαλμούς σου καὶ ἰδὲ καὶ ἄκουσον τοὺς λόγους σενναχηριμ οὓς ἀπέστειλεν ὀνειδίζεῖν θεὸν ζῶντα
- 17 Nou konnen, Seyè, wa peyi Lasiri yo te fini ak anpil nasyon, yo te detwi peyi yo.
Truly, O Lord, the kings of Assyria have made waste the nations and their lands,
ὅτι ἀληθεία κύριε ἠρήμωσαν βασιλεῖς ἀσσυρίων τὰ ἔθνη

- 18 Yo te boule tout bondye yo paske se pa t' bondye yo te ye. Se estati fèt an bwa ak an wòch moun te fè ak men yo. Se poutèt sa yo te rive detwi yo.
And have given their gods to the fire; for they were no gods, but wood and stone, the work of men's hands; so they have given them to destruction.
καὶ ἔδωκαν τοὺς θεοὺς αὐτῶν εἰς τὸ πῦρ ὅτι οὐ θεοὶ εἰσὶν ἀλλ' ἢ ἔργα χειρῶν ἀνθρώπων ξύλα καὶ λίθοι καὶ ἀπόλεσαν αὐτούς
- 19 Koulye a, Seyè, Bondye nou an, tanpri, delivre nou anba men Senakerib, pou tout nasyon ki sou latè ka konnen se ou menm sèl, Seyè, ki Bondye.
But now, O Lord our God, give us salvation from his hands, so that it may be clear to all the kingdoms of the earth that you and only you, O Lord, are God.
καὶ νῦν κύριε ὁ θεὸς ἡμῶν σώσον ἡμᾶς ἐκ χειρὸς αὐτοῦ καὶ γινώσκονται πᾶσαι αἱ βασιλείαι τῆς γῆς ὅτι σὺ κύριος ὁ θεὸς μόνος
- 20 ¶ Lè sa a, Ezayi, pitit Amòz la, voye mesaj sa a bay Ezekyas: --Ou te lapriyè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou Senakerib, wa peyi Lasiri a. Men repons li voye ba ou.
Then Isaiah, the son of Amoz, sent to Hezekiah, saying, The Lord, the God of Israel, says, The prayer which you have made to me against Sennacherib, king of Assyria, has come to my ears.
καὶ ἀπέστειλεν ἠσαίας υἱὸς αμὼς πρὸς ἐζεκιαν λέγων τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς τῶν δυνάμεων ὁ θεὸς ἰσραηλ ἃ προσήύξω πρὸς με περὶ σενναχηριμ βασιλέως ἀσσυρίων ἠκουσα
- 21 Men pawòl Seyè a di sou Senakerib: Lavil Jerizalèm ki sou mòn Siyon an ap ri ou, l'ap pase ou nan rizib. Moun lavil Jerizalèm yo ap rele chalbari dèyè ou.
This is the word which the Lord has said about him: In the eyes of the virgin daughter of Zion you are shamed and laughed at; the daughter of Jerusalem has made sport of you.
οὗτος ὁ λόγος ὃν ἐλάλησεν κύριος ἐπ' αὐτόν ἐξουδένησεν σε καὶ ἐμυκτήρισέν σε παρθένος θυγάτηρ σιων ἐπὶ σοὶ κεφαλῆν αὐτῆς ἐκίνησεν θυγάτηρ ἱερουσαλημ
- 22 Ki moun ou konprann ou derespekte, ou joure konsa? Sou ki moun ou pale fò konsa? Ki moun w'ap klere je ou gade konsa? Se sou Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
Against whom have you said evil and bitter things? against whom has your voice been loud and your eyes lifted up? even against the Holy One of Israel.
τίνα ὠνειδίσας καὶ ἐβλασφήμησας καὶ ἐπὶ τίνα ὑψώσας φωνήν καὶ ἤρας εἰς ὕψος τοὺς ὀφθαλμούς σου εἰς τὸν ἅγιον τοῦ ἰσραηλ
- 23 Ou voye moun ou yo vin manke Bondye dega. Ou deklare: O wi, avèk tout kalite cha lagè m' yo, mwen moute sou tèt tout mòn, ata sou tèt mòn Liban an. Mwen koupe pi gwo pye sèd li yo, pi bèl pye rezen li yo. Mwen rive jouk anwo nèt sou tèt li, nan mitan rakbwa li yo ki tankou bèl jaden.
You have sent your servants with evil words against the Lord, and have said, With all my war-carriages I have come up to the top of the mountains, to the inmost parts of Lebanon; its tall cedars will be cut down, and the best trees of its woods; I will come up into his highest places, into his thick woods.
ἐν χειρὶ ἀγγέλων σου ὠνειδίσας κύριον καὶ εἶπας ἐν τῷ πλήθει τῶν ἀρμάτων μου ἐγὼ ἀναβήσομαι εἰς ὕψος ὀρέων μηρούς τοῦ λιβάνου καὶ ἔκοψα τὸ μέγεθος τῆς κέδρου αὐτοῦ τὰ ἐκλεκτὰ κυπαρίσσω ν αὐτοῦ καὶ ἤλθον εἰς μέλον τέλους αὐτοῦ ὄρυμνός καρμήλου αὐτοῦ
- 24 Mwen fouye pi nan peyi moun lòt nasyon yo, mwen bwè dlo. Mwen cheche dlo nan tout larivyè Lejip yo pou sòlda mwen yo pase san pye yo pa mouye.
I have made water-holes and taken their waters, and with my foot I have made all the rivers of Egypt dry.
ἐγὼ ἔψυξα καὶ ἔπιον ὕδατα ἀλλότρια καὶ ἐξηρήμωσα τῷ ἴχνει τοῦ ποδός μου πάντας ποταμούς περιοχῆς
- 25 Ou pa t' konnen gen lontan depi mwen te fè lide pou tou sa te rive? Gen lontan depi sa te nan tèt mwen? Koulye a, mwen kite sa rive, pou m' te ka kraze tout lavil ak ranpa yo pou fè yo tounen yon pil demoli.
Has it not come to your ears how I did it long before, purposing it in times long past? Now I have given effect to my design, so that by you strong towns might be turned into masses of broken walls.
ἐπλασα αὐτὴν νῦν ἠγάγον αὐτήν καὶ ἐγενήθη εἰς ἐπάρσεις ἀποικειῶν μαχίμων πόλεις ὄχυράς
- 26 Moun ki te rete la te san fòs. Yo te pè, yo pa t' konn sa pou yo fè. Yo te tankou raje nan jaden, tankou zèb gazon, tankou raje k'ap pouse sou do kay, tankou pye mayi ki cheche anvan li mete zepi.
This is why their townsmen had no power, they were broken and put to shame; they were like the grass of the field and the green plant, like grass on the house-tops.
καὶ οἱ ἐνοικοῦντες ἐν αὐταῖς ἠσθένησαν τῇ χειρὶ ἔπτηξαν καὶ κατησχύνθησαν ἐγένοντο χόρτος ἀγροῦ ἢ γλωρὰ βοτάνη γλῶη δομάτων καὶ πάτημα ἀπέναντι ἐστηκότος
- 27 Mwen konnen lè ou leve, mwen konnen lè ou chita. Mwen konnen lè ou soti, mwen konnen lè ou antre. Mwen pran nouvèl jan ou fin anraje sou mwen.
But I have knowledge of your getting up and your resting, of your going out and your coming in.
καὶ τὴν καθέδραν σου καὶ τὴν ἐξοδὸν σου καὶ τὴν εἰσοδὸν σου ἔγων καὶ τὸν θυμὸν σου ἐπ' ἐμέ
- 28 Koulye a, mwen vin konnen jan ou move sou mwen, jan ou vin awogan. Se poutèt sa, mwen mete yon fè won nan bwa nen ou, ak yon mò nan bouch ou. Mwen pral fè ou pran menm chimen ou te pran pou vini an pou ou tounen.
Because your wrath against me and your words of pride have come up to my ears, I will put my hook in your nose and my cord in your lips, and I will make you go back by the way you came.
διὰ τὸ ὀργισθῆναί σε ἐπ' ἐμέ καὶ τὸ στρηνός σου ἀνέβη ἐν τοῖς ὠσίν μου καὶ θήσω τὰ ἄγκιστρα μου ἐν τοῖς μυκτήρσιν σου καὶ χαλινὸν ἐν τοῖς χεῖλεσίν σου καὶ ἀποστρέψω σε ἐν τῇ ὁδῷ ἣ ἦλθες ἐν αὐτῇ
- 29 Apre sa, Izayi di wa Ezekyas konsa: --Men sa ki pral sèvi yon siy pou ou. Lanne sa a, n'a manje rèss grenn ki te tonbe atè. Lanne k'ap vin apre sa a, n'a manje grenn nou pa t' plante. Men, apre sa ankò, n'a ka plante, n'a ka fè rekòt. N'a plante pye rezen, n'a manje rezen.
And this will be the sign to you: you will get your food this year from what comes up of itself; and in the second year from the produce of the same; and in the third year you will put in your seed and get in the grain and make vine-gardens and take of their fruit.
καὶ τοῦτό σοι τὸ σημεῖον φάγη τοῦτον τὸν ἐνιαυτὸν αὐτόματα καὶ τῷ ἔτει τῷ δευτέρῳ τὰ ἀνατέλλοντα καὶ ἔτι τρίτῳ σπορὰ καὶ ἄμητος καὶ φυτεῖα ἀμπελώνων καὶ φάγεσθε τὸν καρπὸν αὐτῶν

- 30 Rès moun peyi Jida ki va chape yo va pran pye. Y'a kanpe ankò.
And those of Judah who are still living will again take root in the earth and give fruit.
 και προσθήσει τὸ διασσωσμένον οἴκου ιουδα τὸ ὑπολειφθὲν ῥίζαν κάτω καὶ ποιήσει καρπὸν ἄνω
- 31 Va gen yon ti rès moun nan lavil Jerizalèm ak sou mòn Siyon an ki va chape. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè sa, paske li renmen ou anpil.
For from Jerusalem those who have been kept safe will go out, and those who are still living will go out of Mount Zion: by the fixed purpose of the Lord of armies this will be done.
 ὅτι ἐξ ἱερουσαλημ ἐξελεύσεται κατάλειμμα καὶ ἀνασφόμενος ἐξ ὄρους σιων ὁ ζῆλος κυρίου τῶν δυνάμεων ποιήσει τοῦτο
- 32 Men sa Seyè a di sou wa peyi Lasiri a: Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a. Li p'ap gen tan voye yon sèl grenn flèch sou li. P'ap gen yon sèl sòlda ak plak pwotèj k'ap pwoche bò kote l'. Ni yo p'ap fouye twou pou sènen l'.
For this cause the Lord says about the king of Assyria, He will not come into this town, or send an arrow against it; he will not come before it with arms, or put up an earthwork against it;
 οὐχ οὕτως τάδε λέγει κύριος πρὸς βασιλέα ἀσσυρίων οὐκ εἰσελεύσεται εἰς τὴν πόλιν ταύτην καὶ οὐ τοξεύσει ἐκεῖ βέλος καὶ οὐ προφθάσει αὐτὴν θυρεὸς καὶ οὐ μὴ ἐκχέῃ πρὸς αὐτὴν πρόσχωμα
- 33 Chemen li te pran pou l' vini an, se li menm l'ap pran pou l' tounen. Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a. Se mwen menm, Seyè a menm, ki di sa.
By the way he came he will go back, and he will not get into this town, says the Lord.
 τῆ ὁδοῦ ἣ ἦλθεν ἐν αὐτῇ ἀποστραφήσεται καὶ εἰς τὴν πόλιν ταύτην οὐκ εἰσελεύσεται λέγει κύριος
- 34 M'ap pwoteje lavil sa a. M'ap delivre l' pou m' fè respè tèt mwen, pou m' kenbe pwomès mwen te fè David, sèvitè m' lan.
For I will keep this town safe, for my honour, and for the honour of my servant David.
 και υπερασπιῶ ὑπὲρ τῆς πόλεως ταύτης δι' ἐμὲ καὶ διὰ δαυὶδ τὸν δοῦλόν μου
- 35 ¶ Menm jou sa a, nan mitan lannwit, zanj Seyè a al nan kan moun Lasiri yo, li touye sankatrevensenk mil (185.000) sòlda. Nan maten, lè moun leve se kadav yo ase yo jwenn. Yo tout te mouri.
And that night the angel of the Lord went out and put to death in the army of the Assyrians a hundred and eighty-five thousand men; and when the people got up early in the morning, there was nothing to be seen but dead bodies.
 και ἐγένετο ἕως νυκτὸς καὶ ἐξῆλθεν ἄγγελος κυρίου καὶ ἐπάταξεν ἐν τῇ παρεμβολῇ τῶν ἀσσυρίων ἑκατὸν ὀγδοήκοντα πέντε χιλιάδας καὶ ὄρθρισαν τὸ πρωὶ καὶ ἰδοὺ πάντες σόματα νεκρά
- 36 Senakerib, wa peyi Lasiri a, leve, li pati, li tounen lavil Neniv.
So Sennacherib, king of Assyria, went back to his place at Nineveh.
 και ἀπῆρεν καὶ ἐπορεύθη καὶ ἀπέστρεψεν σενναχηριμ βασιλεὺς ἀσσυρίων καὶ ἔκησεν ἐν νινευῆ
- 37 Yon jou, antan wa a t'ap fè sèvis nan tanp Niswòk, bondye li a, de nan pitit gason l' yo touye l' ak nepe yo, epi yo kouri al kache nan peyi Arara. Yo te rele Adramelèk ak Sarezè. Se yon lòt nan pitit gason li yo ki te rele Asaradon ki moute wa nan plas li.
And it came about, when he was worshipping in the house of Nisroch his god, that his sons Adrammelech and Sharezer put him to death with the sword; and they went in flight into the land of Ararat. And Esar-haddon his son became king in his place.
 και ἐγένετο αὐτοῦ προσκυνούντος ἐν οἴκῳ νεσεραχ θεοῦ αὐτοῦ καὶ αδραμελεχ καὶ σαρασαρ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ ἐπάταξαν αὐτὸν ἐν μαχαίρᾳ καὶ αὐτοὶ ἐσώθησαν εἰς γῆν αραρατ καὶ ἐβασίλευσεν ασορδαν ὁ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ Vè menm epòk sa a, Ezekyas tonbe malad, li te prèt pou l' mouri. Pwofèt Ezayi, pitit Amòz la, vin wè li, li di l' konsa: --Men sa Seyè a voye di ou: Ou mèt mete lòd nan zafè ou paske ou pral mouri. Pa gen rechap pou ou.
In those days Hezekiah was ill and near death. And Isaiah the prophet, the son of Amoz, came to him, and said to him, The Lord says, Put your house in order, for your death is near.
 ἐν ταῖς ἡμέραις ἐκείναις ἠρρώστησεν ἐζεκιᾶς εἰς θάνατον καὶ εἰσῆλθεν πρὸς αὐτὸν ἠσαιᾶς υἱὸς αμοῦς ὁ προφήτης καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν τάδε λέγει κύριος ἐντειλεῖται τῷ οἴκῳ σου ὅτι ἀποθνήσκεις σὺ καὶ οὐ ζήσῃ
- 2 Ezekyas vire figi l' bay panno a fas, li lapriyè Seyè a.
Then, turning his face to the wall, he made his prayer to the Lord, saying,
 και ἀπέστρεψεν ἐζεκιᾶς τὸ πρόσωπον αὐτοῦ πρὸς τὸν τοῖχον καὶ ἠῤῥᾶτο πρὸς κύριον λέγων
- 3 Li di: --Tanpri, Seyè! Chonje jan mwen te sèvi ou ak tout kè mwen san m' pa janm vire do ba ou! Mwen te toujou fè sa ou te vle m' fè. Epi li pran kriye kont kriye l'.
O Lord, keep in mind how I have been true to you with all my heart, and have done what is good in your eyes. And Hezekiah gave way to bitter weeping.
 ὃ δὴ κύριε μνήσθητι διὴ ὅσα περιεπάτησα ἐνώπιόν σου ἐν ἀληθείᾳ καὶ ἐν καρδίᾳ πλήρει καὶ τὸ ἀγαθὸν ἐν ὀφθαλμοῖς σου ἐποίησα καὶ ἐκλαυσεῖν ἐζεκιᾶς κλαυθμῷ μεγάλῳ
- 4 Lè Ezayi kite wa a, li pa t' ankò soti nan lakou ki nan mitan palè a lè Seyè a pale avè l', li di l' konsa:
Now before Isaiah had gone out of the middle of the town, the word of the Lord came to him, saying,
 και ἦν ἠσαιᾶς ἐν τῇ ἀλλῇ τῇ μέσῃ καὶ ῥῆμα κυρίου ἐγένετο πρὸς αὐτὸν λέγων

- 5 --Tounen al jwenn Ezekyas, chèf pèp mwen an. W'a di l' pou mwen. Men sa Seyè a, Bondye David, zansèt ou a, voye di ou. Mwen tande lapriyè ou. Mwen wè jan sa fè ou mal, m'ap geri ou. Nan twa jou w'ap kanpe, ou pral nan Tanp Seyè a.
Go back and say to Hezekiah, the ruler of my people, The Lord, the God of David your father, says, Your prayer has come to my ears, and I have seen your weeping; see, I will make you well: on the third day you will go up to the house of the Lord.
ἐπιστρεψον καὶ ἔρεῖς πρὸς ἐζεκιαν τὸν ἠγοούμενον τοῦ λαοῦ μου τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς δαυὶδ τοῦ πατρὸς σου ἤκουσα τῆς προσευχῆς σου εἶδον τὰ δάκρυά σου ἰδοὺ ἐγὼ ἰάσομαι σε τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ ἢ ἀναβήσῃ εἰς οἶκον κυρίου
- 6 M'ap kite ou viv kenzan ankò, m'ap delivre ou, ou menm ansanm ak lavil Jerizalèm anba men wa Lasiri a. M'a pwoteje lavil la poutèt David sèvitè m' lan, ak poutèt mwen.
I will give you fifteen more years of life; and I will keep you and this town safe from the hands of the king of Assyria; I will keep this town safe, for my honour, and for the honour of my servant David.
καὶ προσθήσω ἐπὶ τὰς ἡμέρας σου πέντε καὶ δέκα ἔτη καὶ ἐκ χειρὸς βασιλέως ἀσσυρίων σώσω σε καὶ τὴν πόλιν ταύτην καὶ ὑπερασπιῶ ὑπὲρ τῆς πόλεως ταύτης δι' ἐμὲ καὶ διὰ δαυὶδ τὸν δοῦλόν μου
- 7 Ezayi mande pou fè yon kataplas ak fig frans mete sou malenng wa a. Yo fè sa vre. Epi wa a geri.
Then Isaiah said, Take a cake of figs. So they took it and put it on his wound, and he got better.
καὶ εἶπεν λαβέτωσαν παλάθην σύκων καὶ ἐπιθέτωσαν ἐπὶ τὸ ἕλκος καὶ ὑγιάσει
- 8 Lè sa a, wa a mande Ezayi: --Kisa ki pral fè m' konnen Seyè a pral geri m' pou nan twa jou m' ka al nan Tanp Seyè a?
And Hezekiah said to Isaiah, What is to be the sign that the Lord will make me well, and that I will go up to the house of the Lord on the third day?
καὶ εἶπεν ἐζεκιας πρὸς ἠσαιαν τί τὸ σημεῖον ὅτι ἰάσεται με κύριος καὶ ἀναβήσομαι εἰς οἶκον κυρίου τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ
- 9 Ezayi reponn li: --Men siy Seyè a pral fè ou wè pou ou ka konnen l'ap kenbe pawòl li. Gade kadran solèy la. Eske ou ta vle pou lonbraj la mache annavan sou dis ti mak, osinon pou l' fè bak sou dis ti mak?
And Isaiah said, This is the sign the Lord will give you, that he will do what he has said; will the shade go forward ten degrees or back?
καὶ εἶπεν ἠσαιας τοῦτο τὸ σημεῖον παρὰ κυρίου ὅτι ποιήσει κύριος τὸν λόγον ὃν ἐλάλησεν πορεύσεται ἡ σκιὰ δέκα βαθμοῦς ἔαν ἐπιστρέφῃ δέκα βαθμοῦς
- 10 Ezekyas di l': --Se bagay fasil pou lonbraj la mache annavan sou dis ti mak. L'ap pi difisil pou l' fè bak sou dis ti mak.
And Hezekiah said in answer, It is a simple thing for the shade to go forward; but let it go back ten degrees.
καὶ εἶπεν ἐζεκιας κοῦφον τὴν σκιὰν κλίνει δέκα βαθμοῦς οὐχὶ ἀλλ' ἐπιστραφήτω ἡ σκιὰ δέκα βαθμοῦς εἰς τὰ ὀπίσω
- 11 Pwofèt Izayi lapriyè Seyè a epi Seyè a fè lonbraj la fè bak sou dis ti mak li te fin depase nan kadran solèy wa Akaz te fè a.
Then Isaiah the prophet made prayer to the Lord, and he made the shade go back ten degrees from its position on the steps of Ahaz.
καὶ ἐβόησεν ἠσαιας ὁ προφήτης πρὸς κύριον καὶ ἐπέστρεψεν ἡ σκιὰ ἐν τοῖς ἀναβαθμοῖς εἰς τὰ ὀπίσω δέκα βαθμοῦς
- 12 ¶ Nan menm epòk sa a, wa peyi Babilòn lan, Mewodak Baladan, pitit gason Baladan, vin konnen wa Ezekyas te malad. Li voye yon lèt ba li ansanm ak yon kado.
At that time, Merodach-baladan, the son of Baladan, king of Babylon, sent letters with an offering to Hezekiah, because he had news that Hezekiah had been ill.
ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ ἀπέστειλεν μαρωδαχβαλαδαν υἱὸς βαλαδαν βασιλεὺς βαβυλῶνος βιβλία καὶ μαναα πρὸς ἐζεκιαν ὅτι ἤκουσεν ὅτι ἠρρώστησεν ἐζεκιας
- 13 Ezekyas te kontan jès la. Li moutre mesaje wa Babilòn te voye yo tout richès li yo: pyès an ajan, lò, epis, boutèy odè, zam ansanm ak tout lòt bagay li te gen nan depo l' yo. Li fè yo wè dènye bagay li te gen lakay li ak nan tout peyi a.
And Hezekiah was glad at their coming and let them see all his store of wealth, the silver and the gold and the spices and the oil of great price, and the house of his arms, and everything there was in his stores; there was nothing in all his house or his kingdom which Hezekiah did not let them see.
καὶ ἐχάρη ἐπ' αὐτοῖς ἐζεκιας καὶ ἔδειξεν αὐτοῖς ὅλον τὸν οἶκον τοῦ νεχῶθα τὸ ἀργύριον καὶ τὸ χρυσίον τὰ ἀρώματα καὶ τὸ ἔλαιον τὸ ἀγαθόν καὶ τὸν οἶκον τῶν σκευῶν καὶ ὅσα ἠυρέθη ἐν τοῖς θησαυροῖς αὐτοῦ οὐκ ἦν λόγος ὃν οὐκ ἔδειξεν αὐτοῖς ἐζεκιας ἐν τῷ οἴκῳ αὐτοῦ καὶ ἐν πάσῃ τῇ ἐξουσίᾳ αὐτοῦ
- 14 Lè sa a, pwofèt Ezayi al jwenn wa Ezekyas, li mande l': --Kote mesye sa yo sot? Kisa yo di ou? Ezekyas reponn: --Yo sot nan yon peyi byen lwen, yo sot nan peyi Babilòn.
Then Isaiah the prophet came to King Hezekiah and said to him, What did these men say and where did they come from? And Hezekiah said, They came from a far country, even from Babylon.
καὶ εἰσῆλθεν ἠσαιας ὁ προφήτης πρὸς τὸν βασιλέα ἐζεκιαν καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν τί ἐλάλησαν οἱ ἄνδρες οὗτοι καὶ πόθεν ἦκασιν πρὸς σέ καὶ εἶπεν ἐζεκιας ἐκ γῆς πόρρωθεν ἦκασιν πρὸς με ἐκ βαβυλῶνος
- 15 Ezayi di l' konsa: --Kisa yo wè nan palè a? Ezekyas reponn: --Yo wè tout sa ki nan palè a. Mwen fè yo wè dènye bagay mwen gen nan depo m' yo.
And he said, What have they seen in your house? And Hezekiah said in answer, They saw everything in my house: there is nothing among my stores which I did not let them see.
καὶ εἶπεν τί εἶδον ἐν τῷ οἴκῳ σου καὶ εἶπεν πάντα ὅσα ἐν τῷ οἴκῳ μου εἶδον οὐκ ἦν ἐν τῷ οἴκῳ μου ὃ οὐκ ἔδειξα αὐτοῖς ἀλλὰ καὶ τὰ ἐν τοῖς θησαυροῖς μου
- 16 Ezayi di wa Ezekyas konsa: --Koute mesaj Seyè ki gen pouwa a voye ba ou:
And Isaiah said to Hezekiah, Give ear to the word of the Lord.
καὶ εἶπεν ἠσαιας πρὸς ἐζεκιαν ἄκουσον λόγον κυρίου

- 17 Yon lè gen pou rive. Lè sa a, y'ap pran dènve bagay ki nan palè ou la, tou sa zansèt ou yo te anpile depi nan tan lontan jouk jòdi a, y'ap pote yo ale nan peyi Babilòn. Yo p'ap kite anyen. Se Seyè a menm ki di sa.
 Truly, days are coming when everything in your house, and whatever your fathers have put in store till this day, will be taken away to Babylon: all will be gone, says the Lord.
 ἰδοὺ ἡμέραι ἔρχονται καὶ λημφθήσεται πάντα τὰ ἐν τῷ οἴκῳ σου καὶ ὅσα ἐθησάρισαν οἱ πατέρες σου ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης εἰς βαβυλῶνα καὶ οὐχ ὑπολειφθήσεται ῥῆμα ὃ εἶπεν κύριος
- 18 Y'ap pran kèk nan pwòp pitit pitit ou yo, y'ap depòte yo, y'ap chatre yo pou yo ka sèvi nèg konfyans nan palè wa Babilòn lan.
 And your sons, the offspring of your body, they will take away to be unsexed servants in the house of the king of Babylon.
 καὶ οἱ υἱοὶ σου οἱ ἐξελεύσονται ἐκ σοῦ οὗς γεννήσεις λήμψεται καὶ ἔσονται εὐνοῦχοι ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ βασιλέως βαβυλῶνος
- 19 Ezekyas reponn Ezayi, li di l' konsa: --Mesaj Bondye ba ou pou di m' lan gen tan bon. Men li t'ap di nan kè l': Depi pa gen boulvès, depi pa gen lagè nan peyi a tout tan m'ap viv la!
 Then Hezekiah said to Isaiah, Good is the word of the Lord which you have said. Then he said, ... if in my time there is peace and righteousness?
 καὶ εἶπεν ἐζεκιᾶς πρὸς ἠσαϊαν ἀγαθὸς ὁ λόγος κυρίου ὃν ἐλάλησεν ἔστω εἰρήνη ἐν ταῖς ἡμέραις μου
- 20 Tout rès istwa Ezekyas la, jan li te vanyan sòlda, jan li te bati rezèwna dlo a ak gwo kannal anba tè pou mennen dlo nan lavil la, nou jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo.
 Now the rest of the acts of Hezekiah, and his power, and how he made the pool and the stream, to take water into the town, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah?
 καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ἐζεκιου καὶ πᾶσα ἡ δυναστεία αὐτοῦ καὶ ὅσα ἐποίησεν τὴν κρήνην καὶ τὸν ὕδραγωγὸν καὶ εἰσήνεγκεν τὸ ὕδωρ εἰς τὴν πόλιν οὐχὶ ταῦτα γεγραμμένα ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ἰουδα
- 21 Lè Ezekyas mouri, se Manase, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li.
 And Hezekiah went to rest with his fathers; and Manasseh his son became king in his place.
 καὶ ἐκοιμήθη ἐζεκιᾶς μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ ἐτάφη ἐν πόλει δαυὶδ καὶ ἐβασίλευσεν μανασσῆς υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ Manase te gen douzan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan senkanssenkan. Manman l' te rele Efziba.
 Manasseh was twelve years old when he became king; for fifty-five years he was ruling in Jerusalem; and his mother's name was Hephzi-bah.
 υἱὸς δώδεκα ἐτῶν μανασσῆς ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν καὶ πενήκοντα καὶ πέντε ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ οψηβα
- 2 Li fè sa ki mal devan Seyè a, dapre vye prensip krimenèl lòt nasyon Seyè a te mete deyò pou fè plas pou moun pèp Izrayèl yo.
 He did evil in the eyes of the Lord, copying the disgusting ways of those nations whom the Lord had sent out before the children of Israel.
 καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου κατὰ τὰ βδελύγματα τῶν ἔθνῶν ὃν ἐξήρεν κύριος ἀπὸ προσώπου τῶν υἱῶν ἰσραὴλ
- 3 Li rebati tanp bondye lòt nasyon Ezekyas, papa l', te fè kraze. Li bati lotèl pou Baal, li fè fè yon estati Achera, tankou sa Akab, wa peyi Izrayèl la, te fè fè a. Lèfini, li adore dènve zetwal ki nan syèl la, li fè sèvis pou yo.
 He put up again the high places which had been pulled down by Hezekiah his father; he made altars for Baal, and an Asherah, as Ahab, king of Israel, had done; he was a worshipper and servant of all the stars of heaven.
 καὶ ἐπέστρεψεν καὶ ᾠκοδόμησεν τὰ ὑψηλά ἃ κατέσπασεν ἐζεκιᾶς ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ ἀνέστησεν θυσιαστήριον τῆ βααλ καὶ ἐποίησεν ἄλση καθὼς ἐποίησεν αχααβ βασιλεὺς ἰσραὴλ καὶ προσεκύνησεν πᾶσι τῆ δυνάμει τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἐδοῦλευσεν αὐτοῖς
- 4 Li menm rive bati lotèl pou zidòl anndan Tanp Seyè a, kote Seyè a te di se la l'ap rete lavil Jerizalèm.
 And he put up altars in the house of the Lord, of which the Lord had said, In Jerusalem will I put my name.
 καὶ ᾠκοδόμησεν θυσιαστήριον ἐν οἴκῳ κυρίου ὡς εἶπεν ἐν ἱερουσαλὴμ θήσω τὸ ὄνομά μου
- 5 Li fè bati lotèl nan de lakou tanp lan pou tout zetwal ki nan syèl la.
 And he put up altars for all the stars of heaven in the two outer squares of the house of the Lord.
 καὶ ᾠκοδόμησεν θυσιαστήριον πάσῃ τῆ δυνάμει τοῦ οὐρανοῦ ἐν ταῖς δυσὶν ἀνταῖς οἴκου κυρίου
- 6 Li bay pitit gason l' pou yo boule sou lotèl pou zidòl yo. Li lage kò l' nan li nwaj nan syèl la ak nan fè maji pou konnen sa ki gen pou rive, li ankouraje divinò yo ak moun ki konn rele mò pou pale ak yo. Li donnen nan fè sa ki mal nan je Seyè a pou l' te fè l' move jouk li pa kapab ankò.
 And he made his son go through the fire, and made use of secret arts and signs for reading the future; he gave positions to those who had control of spirits and to wonder-workers; he did much evil in the eyes of the Lord, moving him to wrath.
 καὶ διήγειν τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ ἐν πυρὶ καὶ ἐκληρονόμειτο καὶ οἰωνόμειτο καὶ ἐποίησεν θελητὴν καὶ γνώστας ἐπλήθυνεν τοῦ ποιεῖν τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου παροργίσει αὐτὸν

- 7 Li te fè yon estati Achera, zidòl fanm lan, li mete l' nan Tanp lan, atout Seyè a te pale ak David ansanm ak Salomon sou Tanp lan. Li te di yo: Se isit lavil Jerizalèm, nan Tanp kote mwen te chwazi nan tout peyi douz branch fanmi pèp Izrayèl la, pou yo fè sèvis pou mwen.
He put the image of Asherah which he had made in the house of which the Lord had said to David and to Solomon his son, In this house, and in Jerusalem, the town which I have made mine out of all the tribes of Israel, I will put my name for ever.
 και ἔθηκεν τὸ γλυπτὸν τοῦ ἄλσους ἐν τῷ οἴκῳ ᾧ εἶπεν κύριος πρὸς δαυὶδ καὶ πρὸς σαλωμων τὸν υἱὸν αὐτοῦ ἐν τῷ οἴκῳ τούτῳ καὶ ἐν ἱερουσαλημ ἣ ἐξελεξάμην ἐκ πασῶν φυλῶν ἰσραηλ καὶ θήσω τὸ ὄνομά μου ἐκεῖ εἰς τὸν αἰῶνα
- 8 Si moun pèp Izrayèl yo viv jan mwen mande yo viv la, si yo fè tou sa ki nan lalwa Moyiz, sèvitè m' lan, te ba yo a, mwen p'ap mete yo deyò nan peyi mwen te bay zansèt yo a.
And never again will I send the feet of Israel wandering from the land which I gave to their fathers; if only they will take care to do all my orders, and keep all the law which my servant Moses gave them.
 και οὐ προσθήσω τοῦ σαλευῖσαι τὸν πόδα ἰσραηλ ἀπὸ τῆς γῆς ἧς ἔδωκα τοῖς πατράσιν αὐτῶν οἵτινες φυλάξουσιν πάντα ὅσα ἐνετείλαμην κατὰ πάσαν τὴν ἐντολὴν ἣν ἐνετείλατο αὐτοῖς ὁ δοῦλός μου μωσῆς
- 9 Men moun peyi Jida yo pa koute Seyè a, Manase pran tèt yo, yo fè pi mal pase nasyon Seyè a te mete deyò nan peyi a pou fè plas pou yo.
But they did not give ear; and Manasseh made them do more evil than those nations did, whom the Lord gave up to destruction before the children of Israel.
 και οὐκ ἤκουσαν καὶ ἐπλάνησεν αὐτοὺς μανασσης τοῦ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου ὑπὲρ τὰ ἔθνη ἃ ἠφάνισεν κύριος ἐκ προσώπου υἱῶν ἰσραηλ
- 10 ¶ Lè sa a, Seyè a voye sèvitè l' yo, pwofèt yo, pou di yo:
And the Lord said, by his servants the prophets,
 και ἐλάλησεν κύριος ἐν χειρὶ δούλων αὐτοῦ τῶν προφητῶν λέγων
- 11 --Wa Manase te fè tout bagay degoutan sa yo. Li te fè pi mal pase moun Amori yo ki te la nan peyi a anvan yo. Avèk tout vye zidòl li yo, li fè pèp Jida a tonbe nan fè sa ki mal.
Because Manasseh, king of Judah, has done these disgusting things, doing more evil than all the Amorites before him, and making Judah do evil with his false gods,
 ἀνθ' ὧν ὅσα ἐποίησεν μανασσης ὁ βασιλεὺς ἰουδα τὰ βδελύγματα ταῦτα τὰ πονηρὰ ἀπὸ πάντων ὧν ἐποίησεν ὁ αμορραῖος ὁ ἔμπροσθεν καὶ ἐξήμαρτεν καὶ γε ἰουδα ἐν τοῖς εἰδώλοις αὐτῶν
- 12 Se poutèt sa, men sa mwen menm, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, mwen di: Mwen pral voye yon sèl malè sou lavil Jerizalèm ak sou peyi Jida a. Lè moun va pran nouvèl la, y'ap rete gaga.
For this cause, says the Lord, the God of Israel, I will send such evil on Jerusalem and Judah that the ears of all to whom the news comes will be burning.
 οὐχ οὕτως τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ ἰδοὺ ἐγὼ φέρω κακὰ ἐπὶ ἱερουσαλημ καὶ ἐπὶ ἰουδα ὥστε παντὸς ἀκούοντος ἠχῆσει ἀμφοτέρα τὰ ὦτα αὐτοῦ
- 13 M'ap peni lavil Jerizalèm menm jan mwen te peni lavil Samari ak fanmi wa Akaz la. Mwen pral netwaye lavil Jerizalèm tankou yo netwaye yon asyèt lèfini yo vire l' bouch anba.
And over Jerusalem will be stretched the line of Samaria and the weight of Ahab; Jerusalem will be washed clean as a plate is washed, and turned over on its face.
 και ἐκτενω ἐπὶ ἱερουσαλημ τὸ μέτρον σαμαρειας καὶ τὸ στάθμιον οἴκου αχααβ καὶ ἀπαλείψω τὴν ἱερουσαλημ καθὼς ἀπαλείφεται ὁ ἀλάβαστρος ἀπαλειφόμενος καὶ καταστρέφεται ἐπὶ πρόσωπον αὐτὸ οὐ
- 14 M'ap vire do bay rès moun ki va chape yo, m'ap lage yo nan men lènmi yo ki pral piye yo, ki pral pran peyi a nan men yo.
And I will put away from me the rest of my heritage, and give them up into the hands of their haters, who will take their property and their goods for themselves;
 και ἀπόσωμαι τὸ ὑπόλειμμα τῆς κληρονομίας μου καὶ παραδώσω αὐτοὺς εἰς χεῖρας ἐχθρῶν αὐτῶν καὶ ἔσονται εἰς διαρπαγὴν καὶ εἰς προνομήν πᾶσιν τοῖς ἐχθοῖς αὐτῶν
- 15 M'ap fè pèp mwen an sa paske yo fè sa ki mal devan m', yo fè m' fache anpil depi jou zansèt yo te soti kite peyi Lejip jouk jounen jòdi a.
Because they have done evil in my eyes, moving me to wrath, from the day when their fathers came out of Egypt till this day.
 ἀνθ' ὧν ὅσα ἐποίησαν τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς μου καὶ ἦσαν παροργίζοντές με ἀπὸ τῆς ἡμέρας ἧς ἐξήγαγον τοὺς πατέρας αὐτῶν ἐξ αἰγύπτου καὶ ἕως τῆς ἡμέρας ταύτης
- 16 Manase pa sèlman lakòz pèp Jida a fè sa li pa t' dwe fè avèk tou sa li menm li t'ap fè ki mal nan je Seyè a, li fè pi rèd toujou. Li sitèlman touye moun inonsan, tout lari lavil Jerizalèm te plen san.
More than this, Manasseh took the lives of upright men, till Jerusalem from one end to the other was full of blood; in addition to his sin in making Judah do evil in the eyes of the Lord.
 και γε αἷμα ἀθῶον ἐξέχεεν μανασσης πολὺ σφόδρα ἕως οὗ ἐπλησεν τὴν ἱερουσαλημ στόμα εἰς στόμα πλὴν τῶν ἁμαρτιῶν αὐτοῦ ὧν ἐξήμαρτεν τὸν ἰουδα τοῦ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου
- 17 Tout rès istwa Manase a, tou sa li te fè ak tout move zak li te fè yo, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo.
Now the rest of the acts of Manasseh, and all he did, and his sins, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah?
 και τὰ λοιπὰ τῶν λόγων μανασσης καὶ πάντα ὅσα ἐποίησεν καὶ ἡ ἁμαρτία αὐτοῦ ἦν ἡμαρτεν οὐχὶ ταῦτα γεγραμμένα ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ἰουδα
- 18 Lè Manase mouri, yo antere l' nan jaden palè a, jaden Ouza a. Se Amon, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li.
So Manasseh went to rest with his fathers, and was put into the earth in the garden of his house, in the garden of Uzza; and Amon his son became king in his place.
 και ἐκοιμήθη μανασσης μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ ἐτάφη ἐν τῷ κήπῳ τοῦ οἴκου αὐτοῦ ἐν κήπῳ οὔζα καὶ ἐβασίλευσεν αμων υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ

- 19 ¶ Amon te gen venndezan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan dezan. Manman l' te rele Mechoulemèt. Se te pitit fi Awouz, yon moun lavil Jotba. Amon was twenty-two years old when he became king, ruling in Jerusalem for two years; his mother's name was Meshullemeth, the daughter of Haruz of Jotbah. υἱὸς εἰκοσι καὶ δύο ἐτῶν ἀμων ἐν τῷ βασιλευεῖν αὐτὸν καὶ δύο ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ μεσολλαμ θυγάτηρ αρουζ ἐξ ἰετεβα
- 20 Tankou Manase, papa l', li fè sa ki mal devan Seyè a. He did evil in the eyes of the Lord, as Manasseh his father had done. καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου καθὼς ἐποίησεν μανασσῆς ὁ πατὴρ αὐτοῦ
- 21 Li mache pye pou pye dèyè Manase nan tout bagay. Li sèvi zidòl papa l' te sèvi yo, li adore yo. He went in all the ways of his father, being a servant and worshipper of the false gods to which his father had been a servant; καὶ ἐπορεύθη ἐν πάσῃ ὁδῷ ἣ ἐπορεύθη ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ ἐλάτρευσεν τοῖς εἰδώλοις οἷς ἐλάτρευσεν ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ προσεκύνησεν αὐτοῖς
- 22 Li vire do bay Seyè a, Bondye zansèt li yo, li pa mache jan Seyè a vle l' la. Turning away from the Lord, the God of his fathers, and not walking in his ways. καὶ ἐγκατέλιπεν τὸν κύριον θεὸν τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ οὐκ ἐπορεύθη ἐν ὁδῷ κυρίου
- 23 Chèf ki t'ap sèvi avèk Amon yo fè konplo, yo touye l' anndan palè a. And the servants of Amon made a secret design against him, and put the king to death in his house. καὶ συνεστράφησαν οἱ παῖδες ἀμων πρὸς αὐτὸν καὶ ἐθανάτωσαν τὸν βασιλέα ἐν τῷ οἴκῳ αὐτοῦ
- 24 Moun pèp Jida yo touye mesye ki te fè konplo pou touye Amon yo, yo mete Jozyas, pitit gason l' lan, wa nan plas li. But the people of the land put to death all those who had taken part in the design against the king, and made Josiah his son king in his place. καὶ ἐπάταξεν πᾶς ὁ λαὸς τῆς γῆς πάντας τοὺς συστραφέντας ἐπὶ τὸν βασιλέα ἀμων καὶ ἐβασίλευσεν ὁ λαὸς τῆς γῆς τὸν ἰωσιαν υἱὸν αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 25 Tout rèz istwa Amon an, tou sa li te fè, n'a jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo. Now the rest of the acts which Amon did, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah? καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ἀμων ὅσα ἐποίησεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ἰουδα
- 26 Lè Amon mouri, yo antere l' nan kavò fanmi an, nan jaden Ouza a. Lèfini, se Jozyas, pitit gason l' lan, ki moute wa nan plas li. He was put in his last resting-place in the garden of Uzza, and Josiah his son became king in his place. καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν τῷ τάφῳ αὐτοῦ ἐν τῷ κήπῳ οὐζα καὶ ἐβασίλευσεν ἰωσιὰς υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ Jozyas te gen witan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan tranteyennan. Manman l' te rele Jedida. Se te pitit fi Adaja, moun lavil Bozkath. Josiah was eight years old when he became king; and he was ruling in Jerusalem for thirty-one years; his mother's name was Jedidah, daughter of Adaiah of Bozkath. υἱὸς ὀκτὼ ἐτῶν ἰωσιὰς ἐν τῷ βασιλευεῖν αὐτὸν καὶ τριάκοντα καὶ ἓν ἔτος ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ ἰεδίδα θυγάτηρ ἐδεΐα ἐκ βασουρθ
- 2 Jozyas te fè sa ki dwat devan Seyè a. Li mache pye pou pye dèyè David, zansèt li, nan tou sa l'ap fè san li pa janm fè sa ki mal. He did what was right in the eyes of the Lord, walking in the ways of David his father, without turning to the right hand or to the left. καὶ ἐποίησεν τὸ εὐθὲς ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου καὶ ἐπορεύθη ἐν πάσῃ ὁδῷ δαυὶδ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ οὐκ ἀπέστη δεξιῶν ἢ ἀριστερῶν
- 3 Wa Jozyas t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènen. Yon jou li pran sekretè palè a, Chafan, pitit gason Azalya a, pitit pitit Mechoulam lan, li voye l' nan Tanp Seyè a, li di l' konsa: Now in the eighteenth year after he became king, Josiah sent Shaphan, the son of Azaliah, the son of Meshullam, the scribe, to the house of the Lord, saying to him, καὶ ἐγενήθη ἐν τῷ ὀκτωκαιδεκάτῳ ἔτει τῷ βασιλεῖ ἰωσιὰ ἐν τῷ μηνὶ τῷ ὀγδόῳ ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς τὸν σαφφάν υἱὸν ἐσελιου υἱοῦ μεσολλαμ τὸν γραμματέα οἴκου κυρίου λέγων
- 4 --Ale jwenn Ilkija, granprèt la. W'a di l' pou l' fè rapò kantite lajan prèt ki desèvis devan pòt Tanp lan ranmase nan men pèp la. Go up to Hilkiah, the chief priest, and let him give out the money which is taken into the house of the Lord, which the keepers of the door have got together from the people; ἀνάβηθι πρὸς χελκιαν τὸν ἱερέα τὸν μέγαν καὶ σφράγισον τὸ ἀργύριον τὸ εἰσνεχθὲν ἐν οἴκῳ κυρίου ὃ συνήγαγον οἱ φυλάσσοντες τὸν σταθμὸν παρὰ τοῦ λαοῦ
- 5 W'a di l' pou l' renmèt lajan an nan men mesye ki reskonsab travay ki pou fèt nan Tanp lan, pou yo menm yo ka peye moun k'ap travay repare Tanp lan, ki vle di: And let it be given to the overseers of the work of the Lord's house, to give to the workmen who are making good what was damaged in the house of the Lord; καὶ δότωσαν αὐτὸ ἐπὶ χεῖρα ποιούντων τὰ ἔργα τῶν καθεσταμένων ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ ἔδωκεν αὐτὸ τοῖς ποιούσιν τὰ ἔργα τοῖς ἐν οἴκῳ κυρίου τοῦ κατισχύσαι τὸ βεδεκ τοῦ οἴκου
- 6 bès chapant yo, kontremèt yo ak bès mason yo, lèfini pou yo achte bwa ak wòch yo bezwen pou fè reparasyon nan Tanp lan. To the woodworkers and the builders and the stone-cutters; and for getting wood and cut stones for the building up of the house. τοῖς τέκτοσιν καὶ τοῖς οἰκοδόμοις καὶ τοῖς τειχισταῖς καὶ τοῦ κτήσασθαι ξύλα καὶ λίθους λατομητοῦς τοῦ κραταιῶσαι τὸ βεδεκ τοῦ οἴκου

- 7 Li p'ap bezwen fè regleman ak moun sa yo, paske se moun serye yo ye.
They did not have to give any account of the money which was handed to them, for they made use of it with good faith.
πλὴν οὐκ ἐξελογίζοντο αὐτοὺς τὸ ἀργύριον τὸ διδόμενον αὐτοῖς ὅτι ἐν πίστει αὐτοὶ ποιῶσιν
- 8 Lè Chafan, sekretè a, fin bay Ilkija lòd wa a, Ilkija di l' konsa: --Mwen jwenn liv lalwa a nan Tanp Seyè a. Ilkija bay Chafan liv la. Chafan li l'.
Then Hilkiyah, the chief priest, said to Shaphan the scribe, I have made discovery of the book of the law in the house of the Lord. So Hilkiyah gave it to Shaphan;
καὶ εἶπεν χελκίας ὁ ἱερεὺς ὁ μέγας πρὸς σαφφαν τὸν γραμματέα βιβλίον τοῦ νόμου εὑρον ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ ἔδωκεν χελκίας τὸ βιβλίον πρὸς σαφφαν καὶ ἀνέγνω αὐτό
- 9 Lèfini, li tounen al jwenn wa a, li fè rapò li. Li di l' konsa: --Moun ou yo pran tout lajan ki te nan Tanp lan, yo renmèt li bay moun ki reskonsab fè reparasyon nan Tanp Seyè a.
Then, after reading it, Shaphan the scribe went in to the king and gave him an account of what had been done, saying, Your servants have given out the money which was in the house, and have given it to the overseers of the work of the house of the Lord.
καὶ εἰσήνεγκεν πρὸς τὸν βασιλέα ἰωσιαν καὶ ἐπέστρεψεν τῷ βασιλεῖ ῥήμα καὶ εἶπεν ἐχώνευσαν οἱ δοῦλοι σου τὸ ἀργύριον τὸ εὐρεθὲν ἐν τῷ οἴκῳ κυρίου καὶ ἔδωκαν αὐτὸ ἐπὶ χεῖρα ποιούντων τὰ ἔργα τῶν καθεσταμένων ἐν οἴκῳ κυρίου
- 10 Lèfini, li di wa a: --Ilkija, prèt la, te ban m' yon liv tou. Chafan li liv la pou wa a.
Then Shaphan the scribe said to the king, Hilkiyah the priest has given me a book; and he was reading it before the king.
καὶ εἶπεν σαφφαν ὁ γραμματεὺς πρὸς τὸν βασιλέα λέγων βιβλίον ἔδωκέν μοι χελκίας ὁ ἱερεὺς καὶ ἀνέγνω αὐτὸ σαφφαν ἐνώπιον τοῦ βασιλέως
- 11 ¶ Lè wa a tande pawòl ki te ekri nan liv la, li chire rad sou li a sitèlman li te sezi.
And the king, hearing the words of the book of the law, took his robe in his hands, violently parting it as a sign of his grief;
καὶ ἐγένετο ὡς ἤκουσεν ὁ βασιλεὺς τοὺς λόγους τοῦ βιβλίου τοῦ νόμου καὶ διέρρηξεν τὰ ἱμάτια ἑαυτοῦ
- 12 Li fè chache Ilkija, prèt la, Akikam, pitit Chafan an, Achbò, pitit Mikaja a, Chafan, sekretè palè a, ak Asaja, nèg konfyans wa a. Li ba yo lòd sa a:
And he gave orders to Hilkiyah the priest, and Ahikam, the son of Shaphan, and Achbor, the son of Micaiah, and Shaphan the scribe, and Asaiah the king's servant, saying,
καὶ ἐνετείλατο ὁ βασιλεὺς τῷ χελκία τῷ ἱερεῖ καὶ τῷ αχικαμ υἱῷ σαφφαν καὶ τῷ αχοβορ υἱῷ μιχαιου καὶ τῷ σαφφαν τῷ γραμματεῖ καὶ τῷ ασαια δούλῳ τοῦ βασιλέως λέγων
- 13 --Ale chache konnen sa Seyè a vle nou fè, mwen menm ansanm ak tout pèp Jida a, avèk tout pawòl ki nan liv nou jwenn lan! Seyè a move anpil sou nou, paske zansèt nou yo pa t' okipe sa yo di nan liv la, ni yo pa t' fè tou sa ki ekri ladan l'.
Go and get directions from the Lord for me and for the people and for all Judah, about the words of this book which has come to light; for great is the wrath of the Lord which is burning against us, because our fathers have not given ear to the words of this book, to do all the things which are recorded in it.
δεῦτε ἐκζητήσατε τὸν κύριον περὶ ἐμοῦ καὶ περὶ παντὸς τοῦ λαοῦ καὶ περὶ παντὸς τοῦ ἰουδα περὶ τῶν λόγων τοῦ βιβλίου τοῦ εὐρεθέντος τούτου ὅτι μεγάλη ἡ ὀργὴ κυρίου ἡ ἐκκεκαυμένη ἐν ἡμῖν ὑπὲρ οὗ οὐκ ἤκουσαν οἱ πατέρες ἡμῶν τῶν λόγων τοῦ βιβλίου τούτου τοῦ ποιεῖν κατὰ πάντα τὰ γεγραμμένα καθ' ἡμῶν
- 14 Se konsa Ilkija, prèt la, Akikam, Akbò, Chafan ak Asaja al kay Oulda, yon pwofèt fanm ki te rete nan katye yo te fèk bati lavil Jerizalèm lan. Oulda sa a se te madanm yon nonm yo rele Chaloum, pitit Tikva, pitit pitit Aras ki te reskonsab rad seremoni yo. Mesye yo di Oulda sa ki te rive.
So Hilkiyah the priest, and Ahikam and Achbor and Shaphan and Asaiah, went to Huldah the woman prophet, the wife of Shallum, the son of Tikvah, the son of Harhas, keeper of the robes, (now she was living in Jerusalem, in the second part of the town;) and they had talk with her.
καὶ ἐπορεύθη χελκίας ὁ ἱερεὺς καὶ αχικαμ καὶ αχοβορ καὶ σαφφαν καὶ ασαιας πρὸς ολδαν τὴν προφῆτιν γυναῖκα σελλημ υἱοῦ θεκουε υἱοῦ αραας τοῦ ἱματιοφύλακος καὶ αὐτὴ κατῳκεῖ ἐν ἱερουσαλημ ἐν τῇ μασενα καὶ ἐλάλησαν πρὸς αὐτήν
- 15 Oulda reponn: --Men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Tounen al di moun ki voye nou bò kote m' lan:
And she said to them, The Lord, the God of Israel, says, Say to the man who sent you to me,
καὶ εἶπεν αὐτοῖς τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ εἶπατε τῷ ἀνδρὶ τῷ ἀποστειλαντι ὑμᾶς πρὸς με
- 16 Men mesaj Seyè a voye ba li. Mwen pral voye yon malè sou lavil Jerizalèm ansanm ak sou tout moun li yo jan sa ekri nan liv wa Jida a te li a.
These are the words of the Lord: See, I will send evil on this place and on its people, even everything which the king of Judah has been reading in the book;
τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπάγω κακὰ ἐπὶ τὸν τόπον τούτον καὶ ἐπὶ τοὺς ἐνοικοῦντας αὐτόν πάντας τοὺς λόγους τοῦ βιβλίου οὗς ἀνέγνω βασιλεὺς ἰουδα
- 17 Yo vire do ban mwen, yo fè sèvis pou lòt bondye. Avèk tout zak sa yo, yo fè m' fè kolè. Mwen move anpil sou lavil Jerizalèm. Kolè m' pòko ap pase.
Because they have given me up, burning offerings to other gods and moving me to wrath by all the work of their hands; so my wrath will be on fire against this place, and will not be put out.
ἀνθ' ὧν ἐγκατέλιπόν με καὶ ἐθυμίον θεοῖς ἑτέροις ὅπως παροργίσωσίν με ἐν τοῖς ἔργοις τῶν χειρῶν αὐτῶν καὶ ἐκκαυθήσεται ὁ θυμὸς μου ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ καὶ οὐ σβεσθήσεται
- 18 Men sa n'a di wa peyi Jida a ki voye nou vin konnen volontè Bondye a. Wi, men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, voye di l': Ou tande sa ki ekri nan liv la.
But to the king of Judah who sent you to get directions from the Lord, say, This is what the Lord, the God of Israel, has said: As to the words which have come to your ears,
καὶ πρὸς βασιλέα ἰουδα τὸν ἀποστειλαντα ὑμᾶς ἐπιζητήσαι τὸν κύριον τάδε ἐρεῖτε πρὸς αὐτόν τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ οἱ λόγοι οὗς ἤκουσας

- 19 Sa fè kè ou fè ou mal, ou soumèt ou devan mwen, lè ou tande deklarasyon mwen fè sou lavil sa a ak sou tout moun li yo. Se bagay ki pral fè moun mete men nan bouch. Y'ap sèvi ak non yo pou bay madichon. Wi, lè ou tande sa ou chire rad sou ou, dlo koule nan je ou. Se poutèt sa, mwen menm tou, mwen tande ou. Se mwen menm, Seyè a, k'ap di ou sa.
Because your heart was soft, and you made yourself low before me, when you had word of what I said against this place and its people, that they would become a waste and a curse, and you gave signs of grief, weeping before me: truly, I have given ear to you, says the Lord.
ἀνθ' ὧν ὅτι ἠπαλύνθη ἡ καρδία σου καὶ ἐνετράπησθε ἀπὸ προσώπου κυρίου ὡς ἤκουσας ὅσα ἐλάλησα ἐπὶ τὸν τόπον τοῦτον καὶ ἐπὶ τοὺς ἐνοικοῦντας αὐτὸν τοῦ εἶναι εἰς ἀφανισμόν καὶ εἰς κατάραν καὶ δὲ ἰέρρηξας τὰ ἱμάτιά σου καὶ ἐκλαυσας ἐνώπιον ἐμοῦ καὶ γὰρ ἐγὼ ἤκουσα λέγει κύριος
- 20 Ou menm, w'ap mouri ak kè poze nan kabann ou, y'ap antere ou nan menm kavo ak zansèt ou yo. Ou p'ap gen tan wè malè m'ap voye sou lavil Jerizalèm lan. Mesye yo tounen pote mesaj la bay wa Jozyas.
For this cause I will let you go to your fathers and be put in your last resting-place in peace, and your eyes will not see all the evil which I will send on this place. So they took this news back to the king.
οὕχ οὕτως ἰδοὺ ἐγὼ προστίθηναι σε πρὸς τοὺς πατέρας σου καὶ συναχθήσῃ εἰς τὸν τάφον σου ἐν εἰρήνῃ καὶ οὐκ ὀφθήσεται ἐν τοῖς ὀφθαλμοῖς σου ἐν πᾶσιν τοῖς κακοῖς οἷς ἐγὼ εἰμι ἐπάγω ἐπὶ τὸν τόπον τοῦτον καὶ ἐπέστρεψαν τῷ βασιλεῖ τὸ ῥῆμα
- 1 ¶ Lè sa a, wa Jozyas voye misyon bay tout chèf fanmi nan lavil Jerizalèm ak nan tout peyi Jida a pou yo reyini ansanm avè l'.
Then the king sent and got together all the responsible men of Judah and of Jerusalem.
καὶ ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς καὶ συνήγαγεν πρὸς ἑαυτὸν πάντας τοὺς πρεσβυτέρους ἰουδα καὶ ἱερουσαλημ
- 2 Apre sa, wa a moute nan Tanp Seyè a ansanm avèk prèt yo, pwofèt yo, tout moun peyi Jida yo, moun ki rete lavil Jerizalèm yo ak tout rès pèp la, grannèg kou tinèg. Wa a kanpe devan yo tout, li li byen fò tou sa ki te nan Liv Kontra yo te jwenn nan Tanp Seyè a.
And the king went up to the house of the Lord, with all the men of Judah and all the people of Jerusalem, and the priests and the prophets and all the people, small and great; and they were present at his reading of the book of the law which had come to light in the house of the Lord.
καὶ ἀνέβη ὁ βασιλεὺς εἰς οἶκον κυρίου καὶ πᾶς ἀνὴρ ἰουδα καὶ πάντες οἱ κατοικοῦντες ἐν ἱερουσαλημ μετ' αὐτοῦ καὶ οἱ ἱερεῖς καὶ οἱ προφῆται καὶ πᾶς ὁ λαὸς ἀπὸ μικροῦ καὶ ἕως μεγάλου καὶ ἀνέγνω ἐν ὧσιν αὐτῶν πάντα τοὺς λόγους τοῦ βιβλίου τῆς διαθήκης τοῦ εὐρεθέντος ἐν οἴκῳ κυρίου
- 3 Lè li fini, li rete kanpe nan plas rezève pou li bò gwo pote a, li pran angajman devan Seyè a pou li fè volonte Seyè a, pou li mache dapre kòmandman, prensip ak lòd Bondye yo ak tout kè li ak tout nanm li. Lèfini, pou l' kenbe tout kondisyon kontra ki ekri nan liv la. Tout pèp la pran angajman pou yo kenbe kontra a tou.
And the king took his place by the pillar, and made an agreement before the Lord, to go in the way of the Lord, and keep his orders and his decisions and his rules with all his heart and all his soul, and to keep the words of the agreement recorded in the book; and all the people gave their word to keep the agreement.
καὶ ἔστη ὁ βασιλεὺς πρὸς τὸν στῦλον καὶ διέθετο διαθήκην ἐνώπιον κυρίου τοῦ πορεύεσθαι ὀπίσω κυρίου καὶ τοῦ φυλάσσειν τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ καὶ τὰ μαρτύρια αὐτοῦ καὶ τὰ δικαιώματα αὐτοῦ ἐν πᾶσιν ἡμέραις καὶ ἐν πάσῃ ψυχῇ τοῦ ἀναστῆσαι τοὺς λόγους τῆς διαθήκης ταύτης τὰ γεγραμμένα ἐπὶ τῷ βιβλίῳ τοῦτο καὶ ἔστη πᾶς ὁ λαὸς ἐν τῇ διαθήκῃ
- 4 ¶ Apre sa, Jozyas rele Ilkija, granprèt la, prèt ki te avè l' yo ak sòlda ki te desèvis nan pòt Tanp lan, li ba yo lòd al pran nan Tanp lan tout bagay yo te fè pou Baal, pou Achera ak pou zetwal yo, pote yo deyò. Wa a boule tout bagay sa yo andeyò lavil la, bò fon Sedwon an. Lèfini, li fè pote tout sann yo lavil Betèl.
Then the king gave orders to Hilkiah, the chief priest, and to the priests of the second order, and to the keepers of the door, to take out of the house of the Lord all the vessels made for Baal and for the Asherah and for all the stars of heaven; and he had them burned outside Jerusalem in the fields of Kidron, and took the dust of them to Beth-el.
καὶ ἐνετείλατο ὁ βασιλεὺς τῷ χελεκια τῷ ἱερεῖ τῷ μεγάλῳ καὶ τοῖς ἱερεῦσιν τῆς δευτερώσεως καὶ τοῖς φυλάσσουσιν τὸν σταθμὸν τοῦ ἐξαγαγεῖν ἐκ τοῦ ναοῦ κυρίου πάντα τὰ σκεύη τὰ πεποιημένα τῷ βααλ καὶ τῷ ἄλσει καὶ πάσῃ τῇ δυνάμει τοῦ οὐρανοῦ καὶ κατέκαυσεν αὐτὰ ἔξω ἱερουσαλημ ἐν σαδημωθ κεδρων καὶ ἔλαβεν τὸν χοῦν αὐτῶν εἰς βαιθηλ
- 5 Li revoke tout prèt ansyen wa peyi Jida yo te nonmen pou fè sèvis sou lotèl zidòl yo nan lavil peyi Jida yo ak nan zòn Jerizalèm, tout prèt ki t'ap fè sèvis pou Baal, pou solèy, pou lalin, pou douz gwoup zetwal yo ak pou tout lòt zetwal yo.
And he put an end to the false priests, who had been put in their positions by the kings of Judah to see to the burning of offerings in the high places in the towns of Judah and the outskirts of Jerusalem, and all those who made offerings to Baal and to the sun and the moon and the twelve signs and all the stars of heaven.
καὶ κατέπαυσεν τοὺς χωμαριμ οὓς ἔδωκαν βασιλεῖς ἰουδα καὶ ἐθυμίον ἐν τοῖς ὑψηλοῖς καὶ ἐν ταῖς πόλεσιν ἰουδα καὶ τοῖς περικύκλω ἱερουσαλημ καὶ τοὺς θυμιῶντας τῷ βααλ καὶ τῷ ἡλίῳ καὶ τῇ σελήνῃ καὶ τοῖς μαζουρωθ καὶ πάσῃ τῇ δυνάμει τοῦ οὐρανοῦ
- 6 Li wete estati Achera, zidòl fanm ki te nan Tanp lan, li fè yo pote l' andeyò lavil la nan fon Sedwon. Li boule l', li kraze l' fè l' tounen pousyè, l' al simen pousyè a nan simityè pèp la.
And he took the Asherah from the house of the Lord, outside Jerusalem to the stream Kidron, burning it by the stream and crushing it to dust, and he put the dust on the place where the bodies of the common people were put to rest.
καὶ ἐξήνεγκεν τὸ ἄλσος ἐξ οἴκου κυρίου ἔξωθεν ἱερουσαλημ εἰς τὸν χειμάρρον κεδρων καὶ κατέκαυσεν αὐτὸν ἐν τῷ χειμάρρῳ κεδρων καὶ ἐλέπτυνεν εἰς χοῦν καὶ ἔρριπεν τὸν χοῦν αὐτοῦ εἰς τὸν τάφον τῶν υἱῶν τοῦ λαοῦ
- 7 Li demoli tout kay kote mesyedam k'ap fè jennès pou zidòl yo te rete nan Tanp Seyè a. Se la medam yo te konn fè twal pou estati Achera a tou.
And he had the houses pulled down of those who were used for sex purposes in the house of the Lord, where women were making robes for the Asherah.
καὶ καθεῖλεν τὸν οἶκον τῶν καθησμι τῶν ἐν τῷ οἴκῳ κυρίου οὓς αἱ γυναῖκες ὑφαίνον ἕκεῖ χεττιν τῷ ἄλσει

- 8 Lèfini, li fè tout prèt ki te rete nan lavil peyi Jida yo antre lavil Jerizalèm. Li mache nan tout peyi a depi lavil Geba jouk lavil Bècheba, li gate tout kote prèt sa yo te konn fè sèvis pou zidòl yo, kifè yo pa t' ka sèvi pou sa ankò. Li demoli lotèl pòtay yo, ki te bò pòtay Jozye, gouvènè lavil la, te bati sou bò gòch pòtay prensipal la lè w'ap antre.
And he made all the priests from the towns of Judah come into Jerusalem, and he made unclean the high places where the priests had been burning offerings, from Geba to Beer-sheba; and he had the high places of the evil spirits pulled down which were by the doorway of Joshua, the ruler of the town, on the left side of the way into the town.
καὶ ἀνήγαγεν πάντας τοὺς ἱερεῖς ἐκ πόλεων ἰουδα καὶ ἐμίανεν τὰ ὑψηλά οὗ ἐθουμίασαν ἐκεῖ οἱ ἱερεῖς ἀπὸ γαβαα καὶ ἕως βηρσαβεε καὶ καθεῖλεν τὸν οἶκον τῶν πυλῶν τὸν παρὰ τὴν θύραν τῆς πόλης ἡσ οὐ ἄρχωντος τῆς πόλεως τῶν ἐξ ἀριστερῶν ἀνδρῶς ἐν τῇ πόλει τῆς πόλεως
- 9 Tansèlman, prèt ki te sèvi nan tanp zidòl sa yo pa t' gen dwa sèvi nan Tanp lan ankò, men yo te gen dwa manje pen san ledven ansanm ak lòt prèt parèy yo. Still the priests of the high places never came up to the altar of the Lord in Jerusalem; but they took their food of unleavened bread among their brothers.
πλὴν οὐκ ἀνέβησαν οἱ ἱερεῖς τῶν ὑψηλῶν πρὸς τὸ θυσιαστήριον κυρίου ἐν ἱερουσαλημ ὅτι εἰ μὴ ἔφαγον ἄζυμα ἐν μέσῳ τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν
- 10 Wa Jozyas gate Tofèt la tou, yon tanp zidòl ki te nan fon Enon an, konsa pesonn pa t' ka ofri pitit fi osinon pitit gason yo pou boule pou Molòk ankò. And Topheth, in the valley of the sons of Hinnom, he made unclean, so that no man might make his son or his daughter go through the fire to Molech.
καὶ ἐμίανεν τὸν ταφεθ τὸν ἐν φάραγγι υἱοῦ εννομο τοῦ διαγγίν ἀνδρα τὸν υἱὸν αὐτοῦ καὶ ἀνδρα τὴν θυγατέρα αὐτοῦ τῷ μολωχ ἐν πυρὶ
- 11 Li wete chwal wa Jida yo te mete apa pou sèvis bondye Solèy la. Li boule cha ki te konn sèvi nan sèvis pou solèy la. Se nan yon pyès nan lakou tanp lan yo te ye, toupren pòtay la, bò kay kote Netanmelèk, nèg konfyans wa a, te rete.
And he took away the horses which the kings of Judah had given to the sun, at the way into the house of the Lord, by the room of Nathan-melech, the unsexed servant, which was in the outer part of the building, and the carriages of the sun he put on fire.
καὶ κατέπαυσεν τοὺς ἵππους οὓς ἔδωκαν βασιλεῖς ἰουδα τῷ ἡλίῳ ἐν τῇ εἰσόδῳ οἴκου κυρίου εἰς τὸ γαζοφυλάκιον ναθαν βασιλέως τοῦ εὐνούχου ἐν φαρουριμ καὶ τὸ ἄρμα τοῦ ἡλίου κατέκαυσεν πυρὶ
- 12 Wa Jozyas demoli lotèl wa Jida yo te fè bati sou teras anwo apatman wa Akaz la, ansanm ak lotèl wa Manase te bati nan de lakou Tanp lan. Li kraze lotèl yo an miyèt moso, li voye yo jete nan fon Sedwon.
And the altars on the roof of the high room of Ahaz, which the kings of Judah had made, and the altars which Manasseh had made in the two outer squares of the house of the Lord, were pulled down and crushed to bits, and the dust of them was put into the stream Kidron.
καὶ τὰ θυσιαστήρια τὰ ἐπὶ τοῦ δώματος τοῦ ὑπερφύου ἀχαζ ἃ ἐποίησαν βασιλεῖς ἰουδα καὶ τὰ θυσιαστήρια ἃ ἐποίησεν μανασσῆς ἐν ταῖς δυσὶν αὐλαῖς οἴκου κυρίου καὶ καθεῖλεν ὁ βασιλεὺς καὶ κατέσπασεν ἐκεῖθεν καὶ ἔρριψεν τὸν χοῦν αὐτῶν εἰς τὸν χειμάρρον κεδρῶν
- 13 Jozyas gate tout lotèl wa Salomon te fè bati sou bò solèy leve lavil Jerizalèm, sou bò sid Mòn Pye Oliv yo, pou fè sèvis pou Astate, vye zidòl peyi Sidon an, pou Kemòch, vye zidòl peyi Moab la, ak Milkòm, vye zidòl peyi Amon an.
And the high places before Jerusalem, on the south side of the mountain of destruction, which Solomon, king of Israel, had made for Ashtoreth, the disgusting god of the Zidonians, and for Chemosh, the disgusting god of Moab, and for Milcom, the disgusting god of the children of Ammon, the king made unclean.
καὶ τὸν οἶκον τὸν ἐπὶ πρόσωπον ἱερουσαλημ τὸν ἐκ δεξιῶν τοῦ ὄρους τοῦ μοσοαθ ὃν ὠκοδόμησεν σαλωμων βασιλεὺς ἰσραηλ τῇ ἀσάρτη προσοχθίσματι σιδωνίων καὶ τῷ χαμῶς προσοχθίσματι μοαβ καὶ τῷ μολχολ βδελύγματι υἱὸν ἀμμων ἐμίανεν ὁ βασιλεὺς
- 14 Wa Jozyas kraze Poto Wòch yo, li koupe estati Achera, zidòl fanm lan. Li kouvri tout kote yo te ye a ak zosman moun.
The stone pillars were broken to bits and the wood pillars cut down, and the places where they had been were made full of the bones of the dead.
καὶ συνέτριψεν τὰς στήλας καὶ ἐξωλέθρευσεν τὰ ἄλση καὶ ἐπλησεν τοὺς τόπους αὐτῶν ὀστέων ἀνθρώπων
- 15 Jozyas demoli lotèl ak tanp zidòl wa Jewoboram, pitit Nebat la, te bati lavil Betèl la tou. Se Jewoboram sa a ki te lakòz pèp Izrayèl la fè sa ki mal. Li kraze lotèl la, li fè wòch yo tounen poud. Li boule estati Achera a.
And the altar at Beth-el, and the high place put up by Jeroboam, the son of Nebat, who made Israel do evil, that altar and that high place were pulled down; and the high place was burned and crushed to dust and the Asherah was burned.
καὶ γε τὸ θυσιαστήριον τὸ ἐν βαιθηλ τὸ ὑψηλὸν ὃ ἐποίησεν ιεροβοαμ υἱὸς ναβατ ὃς ἐξήμαρτεν τὸν ἰσραηλ καὶ γε τὸ θυσιαστήριον ἐκεῖνο καὶ τὸ ὑψηλὸν κατέσπασεν καὶ συνέτριψεν τοὺς λίθους αὐτοῦ καὶ ἐλέπτυνεν εἰς χοῦν καὶ κατέκαυσεν τὸ ἄλσος
- 16 Lèfini, Jozyas voye je l' sou ti mòn lan, li wè yon bann tonm. Li fè detere zosman yo pou boule yo sou lotèl la. Se konsa li gate lotèl la, jan Seyè a te fè pwofèt la di l' la lè Jewoboram te kanpe bò lotèl la pandan fèt la. Apre sa, Jozyas voye je l' gade ankò, li wè tonm pwofèt ki te fè konnen bagay sa yo gen pou rive a.
Then Josiah, turning round, saw on the mountain the places of the dead, and he sent and had the bones taken out of their places and burned on the altar, so making it unclean, as the Lord had said by the man of God when Jeroboam was in his place by the altar on that feast-day. And he, turning his eyes to the resting-place of the man of God who had given word of these things, said:
καὶ ἐξένευσεν ἰωσίας καὶ εἶδεν τοὺς τάφους τοὺς ὄντας ἐκεῖ ἐν τῇ πόλει καὶ ἀπέστειλεν καὶ ἔλαβεν τὰ ὀστᾶ ἐκ τῶν τάφων καὶ κατέκαυσεν ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον καὶ ἐμίανεν αὐτὸ κατὰ τὸ ῥῆμα κυρίου ὃ ἐλάλησεν ὁ ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ ἐν τῷ ἐστάνα ιεροβοαμ ἐν τῇ ἑορτῇ ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον καὶ ἐπιστρέψας ἤρην τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτοῦ ἐπὶ τὸν τάφον τοῦ ἀνθρώπου τοῦ θεοῦ τοῦ λαλήσαντος τοὺς λόγους τούτους

- 17 Li mande: --Ki gwo tonm mwen wè laba a: Moun Betèl yo reponn: --Se tonm pwofèt ki te sot peyi Jida vin fè nou konnen sa monwa t'ap vin fè lotèl Betèl la.
What is that headstone I see over there? And the men of the town said to him, It is the resting-place of the man of God who came from Judah and gave word of all these things which you have done to the altar of Beth-el.
 και εἶπεν τί τὸ σκόπελον ἐκεῖνο ὃ ἐγὼ ὀρῶ και εἶπον αὐτῷ οἱ ἄνδρες τῆς πόλεως ὁ ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ ἐστὶν ὁ ἐξεληλυθὸς ἐξ ἰουδα και ἐπικαλεσάμενος τοὺς λόγους τούτους οὓς ἐπεκαλέσατο ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον βαιθηλ.
- 18 Jozyas di: --Bon. Kite l' jan li ye a! Piga pesonn manyen zosman li yo. Se konsa yo respekte zosman li yo ansanm ak zosman pwofèt ki te sot lavil Samari a.
So he said, Let him be; let not his bones be moved. So they let his bones be with the bones of the prophet who came from Samaria.
 και εἶπεν ἄφετε αὐτὸ ἀνὴρ μὴ κινήσῃτω τὰ ὀστᾶ αὐτοῦ και ἐρρύσθησαν τὰ ὀστᾶ αὐτοῦ μετὰ τῶν ὀστέων τοῦ προφήτου τοῦ ἤκοντος ἐκ σαμαρείας
- 19 Nan tout lavil peyi Izrayèl yo, wa Jozyas demoli tout kay zidòl wa peyi Izrayèl yo te fè bati epi ki te lakòz Seyè a te fache anpil. Li fè yo tou sa li te fè tanp zidòl lavil Betèl yo.
Then Josiah took away all the houses of the high places in the towns of Samaria, which the kings of Israel had put up, moving the Lord to wrath, and he did with them as he had done in Beth-el.
 και γε εἰς πάντας τοὺς οἴκους τῶν ὑψηλῶν τοὺς ἐν ταῖς πόλεσιν σαμαρείας οὓς ἐποίησαν βασιλεῖς ἰσραηλ παροργίζειν κύριον ἀπέστησεν ἰωσίας και ἐποίησεν ἐν αὐτοῖς πάντα τὰ ἔργα ἃ ἐποίησεν ἐν βαιθηλ.
- 20 Li mete men sou tout prèt zidòl li te jwenn la yo, li touye yo sou lotèl yo. Lèfini, li boule zosman moun sou yo. Apre sa, li tounen tounen l' lavil Jerizalèm.
And all the priests of the high places there he put to death on the altars, burning the bones of the dead on them; and then he went back to Jerusalem.
 και ἐθυσίασεν πάντας τοὺς ἱερεῖς τῶν ὑψηλῶν τοὺς ὄντας ἐκεῖ ἐπὶ τῶν θυσιαστηρίων και κατέκαυσεν τὰ ὀστᾶ τῶν ἀνθρώπων ἐπ' αὐτὰ και ἐπεστράφη εἰς ἱερουσαλημ
- 21 Wa Jozyas bay pèp la lòd pou yo fete fèt Delivrans lan pou fè lwanj Seyè a, Bondye yo a, jan sa ekri nan Liv Kontra a.
And the king gave orders to all the people, saying, Keep the Passover to the Lord your God, as it says in this book of the law.
 και ἐνετείλατο ὁ βασιλεὺς παντὶ τῷ λαῷ λέγων ποιήσατε τὸ πασχα τῷ κυρίῳ θεῷ ἡμῶν καθὼς γέγραπται ἐπὶ βιβλίῳ τῆς διαθήκης ταύτης
- 22 Yo pa t' janm fete fèt Delivrans lan konsa depi lè jij chèf yo t'ap gouvènè peyi a, ni pandan reny tout wa peyi Izrayèl yo ak tout wa peyi Jida yo.
Truly, such a Passover had not been kept in all the days of the judges of Israel or of the kings of Israel or the kings of Judah;
 ὅτι οὐκ ἐγενήθη τὸ πασχα τούτου ἀφ' ἡμερῶν τῶν κριτῶν οἱ ἐκρινον τὸν ἰσραηλ και πάσας τὰς ἡμέρας βασιλέων ἰσραηλ και βασιλέων ἰουδα
- 23 Se sèlman sou reny wa Jozyas yo fete fèt Delivrans lan konsa lavil Jerizalèm pou Seyè a. Lè sa a, wa a t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènè peyi a.
In the eighteenth year of the rule of King Josiah this Passover was kept to the Lord in Jerusalem.
 ὅτι ἀλλ' ἢ τῷ ὀκτωκαιδεκάτῳ ἔτει τοῦ βασιλέως ἰωσία ἐγενήθη τὸ πασχα τῷ κυρίῳ ἐν ἱερουσαλημ
- 24 Jozyas fè disparèt tout divinò ak tout moun ki konn rele mò, tout estati zidòl wogatwa ak lòt vye zidòl degoutan, ak tout lòt vye bagay yo te konn wè nan tout peyi Jida ak nan lavil Jerizalèm. Li fè sa pou l' te ka kenbe kòmandman ak prensip ki ekri nan liv Lalwa Ilkija, prèt la, te jwenn nan Tanp Seyè a.
And all those who had control of spirits, and the wonder-workers, and the images, and the false gods, and all the disgusting things which were seen in the land of Judah and in Jerusalem, Josiah put away, so that he might give effect to the words of the agreement recorded in the book which Hilkiah the priest made discovery of in the house of the Lord.
 και γε τοὺς θελητὰς και τοὺς γνωριστὰς και τὰ θεραφιν και τὰ εἰδῶλα και πάντα τὰ προσοχθίσματα τὰ γεγονότα ἐν γῆ ἰουδα και ἐν ἱερουσαλημ ἐξῆμεν ὁ βασιλεὺς ἰωσίας ἵνα στήσῃ τοὺς λόγους τοῦ νόμου τοὺς γεγραμμένους ἐπὶ τοῦ βιβλίου οὗ εὔρεν χελκίας ὁ ἱερεὺς ἐν οἴκῳ κυρίου
- 25 ¶ Ni anvan l', ni apre l', pa t' janm gen yon wa tankou l' ki te sèvi Seyè a ak tout kè li, ak tout nanm li, ak tout kouraj li, jan lalwa Moyiz mande l' la.
Never before had there been a king like him, turning to the Lord with all his heart and with all his soul and with all his power, as the law of Moses says; and after him there was no king like him.
 ὁμοιος αὐτῷ οὐκ ἐγενήθη ἐμπροσθεν αὐτοῦ βασιλεὺς ὃς ἐπέστρεψεν πρὸς κύριον ἐν ὅλῃ καρδίᾳ αὐτοῦ και ἐν ὅλῃ ψυχῇ αὐτοῦ και ἐν ὅλῃ ἰσχύϊ αὐτοῦ κατὰ πάντα τὸν νόμον μουσῆ και μετ' αὐτὸν οὐκ ἀνέστη ὁμοιος αὐτῷ
- 26 Men malgre sa, Seyè a te move toujou sou pèp peyi Jida a depi lè li te fache sou Manase pou sa l' te fè a.
But still the heat of the Lord's wrath was not turned back from Judah, because of all Manasseh had done in moving him to wrath.
 πλὴν οὐκ ἀπεστράφη κύριος ἀπὸ θυμοῦ ὀργῆς αὐτοῦ τοῦ μεγάλου οὗ ἐθιμώθη ὀργῇ αὐτοῦ ἐν τῷ ἰουδα ἐπὶ τοὺς παροργισμοὺς οὓς παρόργισεν αὐτὸν μανασσης
- 27 Se poutèt sa, Seyè a di: --Mwen pral wete moun peyi Jida yo devan je m' menm jan m' te fè l' pou moun peyi Izrayèl yo. Se mwen ki te chwazi lavil Jerizalèm. Enben, m' pral voye l' jete ansanm ak Tanp mwen te di se la m'ap rete a.
And the Lord said, I will send Judah away from before my face, as I have sent Israel; I will have nothing more to do with this town, which I had made mine, even Jerusalem, and the holy house of which I said, My name will be there.
 και εἶπεν κύριος και γε τὸν ἰουδαν ἀποστήσω ἀπὸ τοῦ προσώπου μου καθὼς ἀπέστησα τὸν ἰσραηλ και ἀπόσωμαι τὴν πόλιν ταύτην ἣν ἐξελεξάμην τὴν ἱερουσαλημ και τὸν οἶκον οὗ εἶπον ἔσται τὸ ὄνομά μου ἐκεῖ

- 28 Tout rèz istwa Jozyas la ak tou sa li te fè, n'a jwenn yo ekri nan liv Istwa wa Jida yo.
Now the rest of the acts of Josiah, and all he did, are they not recorded in the book of the history of the kings of Judah?
καὶ τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ἰωσίου καὶ πάντα ὅσα ἐποίησεν οὐχὶ ταῦτα γεγραμμένα ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ἰουδα
- 29 Se sou reny Jozyas, farawon Neko, wa peyi Lejip, te moute nan direksyon larivyè Lefrat pou l' al bay wa peyi Lasiri a yon koutmen. Wa Jozyas soti al kontre l' pou anpeche li pase. Rive bò lavil Megido, wa Neko wè l', li touye l'.
In his days, Pharaoh-necoh, king of Egypt, sent his armies against the king of Assyria to the river Euphrates; and King Josiah went out against him; and he put him to death at Megiddo, when he had seen him.
ἐν δὲ ταῖς ἡμέραις αὐτοῦ ἀνέβη φαραῶ νεχω βασιλεὺς αἰγύπτου ἐπὶ βασιλεῖα ἀσσυρίων ἐπὶ ποταμὸν εὐφράτην καὶ ἐπορεύθη ἰωσίας εἰς ἀπαντήν αὐτοῦ καὶ ἐθανάτωσεν αὐτὸν νεχω ἐν μαγεδδῶ ἐν τῷ ἰδεῖν αὐτόν
- 30 Ofisyè lame wa Jozyas yo pran kadav la, yo mete l' sou yon cha soti Megido, yo mennen l' lavil Jerizalèm kote yo antere l' nan kavò li. Apre sa, pèp la pran Joakaz, pitit Jozyas, yo mete l' apa devan Bondye pou l' sèvi wa nan plas papa l'.
And his servants took his body in a carriage from Megiddo to Jerusalem, and put him into the earth there. And the people of the land took Jehoahaz, the son of Josiah, and put the holy oil on him and made him king in place of his father.
καὶ ἐπεβίβασαν αὐτὸν οἱ παῖδες αὐτοῦ νεκρὸν ἐκ μαγεδδῶ καὶ ἤγαγον αὐτὸν εἰς ἱερουσαλὴμ καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν τῷ τάφῳ αὐτοῦ ἐν πόλει δαυὶδ καὶ ἔλαβεν ὁ λαὸς τῆς γῆς τὸν ἰωαχάζ υἱὸν ἰωσίου καὶ ἔχρισαν αὐτὸν καὶ ἐβασίλευσαν αὐτὸν ἀντὶ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ
- 31 ¶ Joakaz te gen venntwazan lè li moute wa nan peyi Jida. Li gouvènè lavil Jerizalèm pandan twa mwa. Manman l' te rele Amoutal. Se te pitit fi Jeremi, moun lavil Libna. Jehoahaz was twenty-three years old when he became king, ruling in Jerusalem for three months; his mother's name was Hamutal, the daughter of Jeremiah of Libnah.
υἱὸς εἴκοσι καὶ τριῶν ἐτῶν ἦν ἰωαχάζ ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν καὶ τρίμηνον ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ ἀμιταλ θυγάτηρ ἱερεμίου ἐκ λεβνα
- 32 Men li fè sa ki mal nan je Seyè a tankou zansèt li yo.
He did evil in the eyes of the Lord, as his fathers had done.
καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησαν οἱ πατέρες αὐτοῦ
- 33 Farawon Neko fèmen l' nan prizon lavil Ribla nan zòn Amat, pou li pa gouvènè nan lavil Jerizalèm anko. Lè sa a tou, farawon an fè peyi Jida soumèt devan l'. Li fòse peyi a ba li sètmit senksan (7.500) liv ajan ak swasannkenz liv lò.
And Pharaoh-necoh put him in chains at Riblah in the land of Hamath, so that he might not be king in Jerusalem; and took from the land a tax of a hundred talents of silver and a talent of gold.
καὶ μετέστησεν αὐτὸν φαραῶ νεχω ἐν δεβλαθα ἐν γῆ εμαθ τοῦ μὴ βασιλεύειν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ἔδωκεν ζημίαν ἐπὶ τὴν γῆν ἑκατὸν τάλαντα ἀργυρίου καὶ ἑκατὸν τάλαντα χρυσίου
- 34 Apre sa, li pran Elyakim, pitit Jozyas, li mete l' wa nan plas papa l'. Lè sa a, li chanje non Elyakim, li rele l' Jojakim. Lèfini, li pran Joakaz, li mennen l' nan peyi Lejip. Se la Joakaz mourì.
Then Pharaoh-necoh made Eliakim, the son of Josiah, king in place of Josiah his father, changing his name to Jehoiakim; but Jehoahaz he took away to Egypt, where he was till his death.
καὶ ἐβασίλευσεν φαραῶ νεχω ἐπ' αὐτοὺς τὸν ελιακὶμ υἱὸν ἰωσίου βασιλεὺς ἰουδα ἀντὶ ἰωσίου τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ἐπέστρεψεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἰωακὶμ καὶ τὸν ἰωαχάζ ἔλαβεν καὶ εἰσήνεγκεν εἰς αἴγυπτον καὶ ἀπέθανεν ἐκεῖ
- 35 Jojakim bay farawon Neko tout ajan ak tout lò li te mande a. Pou l' te ka jwenn yo, li te fè chak moun nan peyi a bay dapre sa yo genyen. Se konsa li te fòse pèp la bay ajan ak lò farawon Neko te mande a.
And Jehoiakim gave the silver and gold to Pharaoh, taxing the land by his orders to get the money; the people of the land had to give silver and gold, everyone as he was taxed, to make the payment to Pharaoh-necoh.
καὶ τὸ ἀργύριον καὶ τὸ χρυσιὸν ἔδωκεν ἰωακὶμ τῷ φαραῶ πλὴν ἐτιμογράφησεν τὴν γῆν τοῦ δοῦναι τὸ ἀργύριον ἐπὶ στόματος φαραῶ ἀνὴρ κατὰ τὴν συντίμησιν αὐτοῦ ἔδωκεν τὸ ἀργύριον καὶ τὸ χρυσιὸν μετὰ τοῦ λαοῦ τῆς γῆς δοῦναι τῷ φαραῶ νεχω
- 36 Jojakim te gen vennsenkan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènè lavil Jerizalèm pandan onzan. Manman l' te rele Zebida. Se te pitit fi Pedaja, moun lavil Wouma. Jehoiakim was twenty-five years old when he became king; he was ruling in Jerusalem for eleven years; his mother's name was Zebidah, the daughter of Pedaiah of Rumah.
υἱὸς εἴκοσι καὶ πέντε ἐτῶν ἰωακὶμ ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν καὶ ἑνδεκα ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ ἰελαδα θυγάτηρ φεδεία ἐκ ρουμα
- 37 Men li fè sa ki mal nan je Seyè a tankou zansèt li yo.
He did evil in the eyes of the Lord as his fathers had done.
καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐν ὀφθαλμοῖς κυρίου κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησαν οἱ πατέρες αὐτοῦ
- 1 ¶ Pandan reny Jojakim lan, Nèbikadneza, wa peyi Babilòn, anvayi peyi Jida. Pandan twazan Jojakim soumèt devan li. Apre sa, li konmanse kenbe tèt avè l'.
In his days, Nebuchadnezzar, king of Babylon, came up and Jehoiakim was his servant for three years; then he took up arms against him.
ἐν ταῖς ἡμέραις αὐτοῦ ἀνέβη ναβουχοδοноσορ βασιλεὺς βαβυλωνῶν καὶ ἐγενήθη αὐτῷ ἰωακὶμ δοῦλος τρία ἔτη καὶ ἐπέστρεψεν καὶ ἠθέτησεν ἐν αὐτῷ

- 2 Lè sa a, Seyè a voye ansasen soti nan peyi Babilòn, nan peyi Siri, nan peyi Moab ak nan peyi Amon vin dèyè Jojakim. Li lage yo nan peyi Jida a pou yo fini avè l' dapre sa Seyè a te di nan bouch pwofèt yo, sèvitè l' yo.
And the Lord sent against him bands of the Chaldeans and of the Edomites and of the Moabites and of the children of Ammon; sending them against Judah for its destruction, as he had said by his servants the prophets.
 και απέστειλεν αὐτῷ τοὺς μονοζώνους τῶν χαλδαίων καὶ τοὺς μονοζώνους συρίας καὶ τοὺς μονοζώνους μοαβ καὶ τοὺς μονοζώνους υἰῶν αμμων καὶ ἐξάπεστειλεν αὐτοὺς ἐν τῇ γῆ ἰουδα τοῦ κατισχύσει κατὰ τὸν λόγον κυρίου ὃν ἐλάλησεν ἐν χειρὶ τῶν δούλων αὐτοῦ τῶν προφητῶν
- 3 Sa te rive peyi Jida a paske Seyè a te vle wete pèp peyi Jida a devan je l' poutèt peche wa Manase te fè yo,
Only by the word of the Lord did this fate come on Judah, to take them away from before his face; because of the sins of Manasseh and all the evil he did;
 πλὴν ἐπὶ τὸν θυμὸν κυρίου ἦν ἐν τῷ ἰουδα ἀποστήσει αὐτὸν ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ ἐν ἀμαρτίαις μανασση κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησεν
And Maacah, the wife of Gilead, gave birth to a son to whom she gave the name Peresh; and his brother was named Sheresh; and his sons were Ulam and Rakem.
καὶ ἔτεκεν μοωχα γυνὴ μαχίρ υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ φαρες καὶ ὄνομα ἀδελφοῦ αὐτοῦ σορος υἱὸς αὐτοῦ ουλαμ
- 17 Oulam fè yon pitit gason yo te rele Bedan. Yo tout te pitit Galarad, ki te pitit Maki, ki li menm te pitit Manase.
And the son of Ulam: Bedan. These were the sons of Gilead, the son of Machir the son of Manasseh.
καὶ υἱοὶ ουλαμ βανδαν οὗτοι υἱοὶ γαλααδ υἱοῦ μαχίρ υἱοῦ μανασση
- 18 Sè Maki a te rele Amolekèt. Li fè twa pitit gason: Ichòd, Abyezè ak Makla.
And his sister Hammoleketh was the mother of Ishhod and Abiezer and Mahlah.
καὶ ἀδελφὴ αὐτοῦ ἡ μαλεχεθ ἔτεκεν τὸν ἰσαδεκ καὶ τὸν αβιεζερ καὶ τὸν μαελα
- 19 Men pitit Chemida yo: se te Akcham, Sichèm, Liki ak Anyam.
And the sons of Shemida were Ahian and Shechem and Likhi and Aniam.
καὶ ἦσαν υἱοὶ σεμιρα ἰααμ καὶ συχημ καὶ λακεὶ καὶ ανιαμ
- 20 ¶ Efrayim te papa Soutelak ki te papa Berèd. Berèd te papa Taka ki te papa Elada. Elada te papa Taka
And the sons of Ephraim: Shuthelah and Bered his son, and Tahath his son, and Eleadah his son, and Tahath his son,
καὶ υἱοὶ εφραιμ σωθαλα καὶ βαραδ υἱὸς αὐτοῦ καὶ θασθ υἱὸς αὐτοῦ ελεαδα υἱὸς αὐτοῦ νομεε υἱὸς αὐτοῦ
- 21 ki te papa Zabad. Zabad te papa Soutelak. Efrayim te gen de lòt pitit gason: Ezè ak Elad. Men, moun ki rete nan zòn Gad la touye yo paske yo te vin vòlò mouton yo.
And Zabad his son, and Shuthelah his son, and Ezer and Elead, whom the men of Gath, who had been living in the land from their birth, put to death, because they came down to take away their cattle.
ζαβεδ υἱὸς αὐτοῦ σωθελε υἱὸς αὐτοῦ καὶ εζερ καὶ ελεαδ καὶ ἀπέκτειναν αὐτούς ἄνδρες γαθ οἱ τεχθέντες ἐν τῇ γῆ ὅτι κατέβησαν λαβεῖν τὰ κτήνη αὐτῶν
- 22 Lè sa a, Efrayim, papa yo, te pran lapenn pou yo pandan lontan. Se fanmi l' yo ki vin ba l' kouraj.
And for a long time Ephraim their father went on weeping for them, and his brothers came to give him comfort.
καὶ ἐπένθησεν εφραιμ πατὴρ αὐτῶν ἡμέρας πολλὰς καὶ ἦλθον ἀδελφοὶ αὐτοῦ τοῦ παρακαλέσαι αὐτόν
- 23 Apre sa, li al kouche ak madanm li. Madanm lan vin ansent, li fè yon pitit gason, li rele l' Berya paske malè te tonbe sou kay la.
After that, he had connection with his wife, and she became with child and gave birth to a son, to whom his father gave the name of Beriah, because trouble had come on his family.
καὶ εἰσηλθεν πρὸς τὴν γυναῖκα αὐτοῦ καὶ ἔλαβεν ἐν γαστρὶ καὶ ἔτεκεν υἱὸν καὶ ἐκάλεσεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ βαραγα ὅτι ἐν κακοῖς ἐγένετο ἐν οἴκῳ μου

- 24 Chera, pitit fi Berya a, bati Bètowon anba ak Bètowon anwo. Se li ki bati Ouzennchera tou.
And his daughter was Sheerah, the builder of Beth-horon the lower and the higher, and Uzzen-sheerah.
 και ἐν ἐκείνοις τοῖς καταλοιπίοις καὶ ὠκοδόμησεν βαιθωρον τὴν κάτω καὶ τὴν ἄνω καὶ υἱοὶ οὖζαν σσηρα
- 25 Berya te papa Refak ki te papa Rechèf. Rechèf te papa Tela ki te papa Takan.
And Rephah was his son, and Resheph; his son was Telah, and his son was Tahan;
 και ραφη υἱοὶ αὐτοῦ ρασεφ καὶ θαλε υἱοὶ αὐτοῦ θαιεν υἱὸς αὐτοῦ
- 26 Takan te papa Layedan ki te papa Amiyoud. Amiyoud te papa Elichama
Ladan was his son, Ammihud his son, Elishama his son,
 τῶ λααδαν υἱῶ αὐτοῦ αμιουδ υἱὸς αὐτοῦ ελισαμα υἱὸς αὐτοῦ
- 27 ki te papa Noun. Noun te papa Jozye.
Nun his son, Joshua his son.
 νουμ υἱὸς αὐτοῦ ιησουε υἱὸς αὐτοῦ
- 28 Pòsyon tè yo te ba yo pou yo te rete a se zòn lavil Betèl ak tout ti bouk ki sou lòd li yo, rive lavil Naaran sou bò solèy leve, lavil Gezè ak tout ti bouk ki sou lòd li yo sou bò solèy kouche, ak zòn lavil Sichèm jouk lavil Aja ak tout ti bouk ki sou lòd li yo.
Their heritage and their living-places were Beth-el and its daughter-towns, and Naaran to the east, and Gezer to the west, with its daughter-towns, as well as Shechem and its daughter-towns as far as Azzah and its daughter-towns;
 και κατάσχεσις αὐτῶν καὶ κατοικία αὐτῶν βαιθηλ καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς κατ' ἀνατολὰς νααραν πρὸς δυσμαῖς γαζερ καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς καὶ συχεμ καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς ἕως γαιαν καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς
- 29 Moun Manase yo te kontwole lavil Bèt Chean ak tout ti bouk ki sou lòd li yo, lavil Tanak ak tout ti bouk ki sou lòd li yo, lavil Megido ak tout ti bouk ki sou lòd li yo, ak lavil Dò ak tout ti bouk ki sou lòd li yo. Se nan lavil sa yo moun branch fanmi Jozèf, pitit Jakòb la, t'ap viv.
And by the limits of the children of Manasseh, Beth-shean and its daughter-towns, Taanach, Megiddo, and Dor, with their daughter-towns. In these the children of Joseph, the son of Israel, were living.
 και ἕως ὁρίων υἱῶν μανασση βαιθσαν καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς θασαναχ καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς καὶ βαλαδ καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς μαγεδδω καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς δωρ καὶ αἱ κῶμαι αὐτῆς ἐν ταύταις κατέκησαν οἱ υἱοὶ ἰωσηφ υἱοῦ ἰσραηλ
- 30 Asè te gen kat pitit gason: Imna, Ichva, Ichvi, Berya ak yon pitit fi ki te rele Sera.
The sons of Asher: Imnah and Ishvah and Ishvi and Beriah and Serah, their sister.
 υἱοὶ ασηρ ιεμνα καὶ ισουα καὶ ισουι καὶ βεριγα καὶ σορε ἀδελφὴ αὐτῶν
- 31 Berya te gen de pitit gason: Ebè ak Malkyèl. Se Malkyèl sa a ki te tablil lavil Bizayit.
And the sons of Beriah: Heber and Malchiel, who was the father of Birzaith.
 και υἱοὶ βεριγα χαβερ καὶ μελχιηλ οὗτος πατὴρ βερζαιθ
- 32 Ebè te gen twa pitit gason: Jafèl, Chomè, Otam ak yon pitit fi yon te rele Chwa.
And Heber was the father of Japhlet and Shomer and Hotham and Shua, their sister.
 και χαβερ ἐγέννησεν τὸν ιαφαλητ καὶ τὸν σαμηρ καὶ τὸν χωθαμ καὶ τὴν σωλα ἀδελφὴν αὐτῶν
- 33 Jafèl te gen twa pitit gason tou: Pasak, Bimal ak Achvat.
And the sons of Japhlet: Pasach and Bimhal and Ashvath. These are the sons of Japhlet.
 και υἱοὶ ιαφαλητ φεσηχι βαμαηλ καὶ ασιθ οὗτοι υἱοὶ ιαφαλητ
- 34 Chomè, frè Jafèl a, te gen twa pitit gason tou: Wogach, Wouba ak Aram.
And the sons of Shomer: Ahi and Rohgah, Jehubbah and Aram.
 και υἱοὶ σεμηρ αχιουραογα καὶ οβα καὶ αραμ
- 35 Otam, lòt frè li a, te gen kat pitit gason: Zofa, Imna, Chelèk ak Amal.
And the sons of Hotham, his brother: Zophah and Imna and Shelesh and Amal.
 και βανηλαμ ἀδελφοὶ αὐτοῦ σωφα καὶ ιμανα καὶ σελλης καὶ αμαλ
- 36 Men pitit Zofa yo: Swa, Anefè, Chwal, Beri, Imra,
The sons of Zophah: Suah and Harnepher and Shual and Beri and Imrah,
 υἱοὶ σωφα χουχι αρναφαρ καὶ σουαλ καὶ βαρι καὶ ιμαρη

- 37 **Bezè, Wòd, Chama, Chilcha, Jitran, Bera.**
Bezer and Hod and Shamma and Shilshah and Ithran and Beera.
 σοβαλ και ωδ και σεμμα και σαλισα και ιεθραν και βεηρα
- 38 **Men pitit Jezè yo: Jefounè, Pispah ak Ara.**
And the sons of Jether: Jephunneh and Pispah and Ara.
 και υιοι ιεθερ ιφίνα και φασφα και αρα
- 39 **Men pitit Oula yo: Ara, Anyèl ak Rizya.**
And the sons of Ulla: Arah and Hanniel and Rizia.
 και υιοι ωλα ορεχ ανηλ και ραζια
- 40 **Tout moun sa yo te moun branch fanmi Asè. Yo tout te chèf fanmi, vanyan sòlda, grannèg. Dapre rejis fanmi yo, te gen vennsimil (26.000) gason ki te gen laj pou fè sèvis lame, epi ki te bon pou fè lagè.**
All these were the children of Asher, heads of their families, specially strong men of war, chiefs of the rulers. They were recorded in the army for war, twenty-six thousand men in number.
 πάντες οὗτοι υιοι ασηρ πάντες ἄρχοντες πατριῶν ἐκλεκτοὶ ἰσχυροὶ δυνάμει ἄρχοντες ἡγούμενοι ἀριθμὸς αὐτῶν εἰς παράταξιν τοῦ πολέμειν ἀριθμὸς αὐτῶν ἄνδρες εἴκοσι ἕξ χιλιάδες
- 1 ¶ **Benjamin te gen senk pitit gason. Pi gran an te rele Bela, dezyèm lan Achbèl, twazyèm lan Akra,**
And Benjamin was the father of Bela his oldest son, Ashbel the second, and Aharah the third,
 και βενιαμιν ἐγέννησεν τὸν βαλε πρωτότοκον αὐτοῦ και ασβηλ τὸν δεῦτερον ααρα τὸν τρίτον
- 2 **katriyèm lan Nora, senkyèm lan Rafa.**
Nohah the fourth, and Rapha the fifth.
 νοα τὸν τέταρτον και ραφη τὸν πέμπτον
- 3 **Men non pitit Bela yo: Ada, Gera, Abiyoud,**
And Bela had sons, Addar and Gera, the father of Ehud,
 και ἦσαν υιοι τῷ βαλε αδερ και γηρα και αβιουδ
- 4 **Abichwa, Naaman, Akora,**
And Abishua and Naaman and Ahoah
 και αβισουε και νοομα και αχια
- 5 **Gera, Chefoufan ak Ouram.**
And Gera and Shephuphan and Huram.
 και γηρα και σωφαρφακ και ωιμ
- 6 -
And these are the sons of Ehud, heads of families of those living in Geba: Iglaam and Alemeth
 οὗτοι υιοι αωδ οὗτοί εἰσιν ἄρχοντες πατριῶν τοῖς κατοικοῦσιν γαβεε και μετόκισαν αὐτοὺς εἰς μαναχαθι
- 7 **Men non pitit Eyoud yo: Naaman, Ajija ak Gera. Yo te chèf branch fanmi ki t'ap viv nan zòn Geba a. Apre sa, yo mete yo deyò, y' al rete Manarat. Se Gera, papa Ouza ak Akiyoud, ki te mennen yo al rete Manarat la.**
And Naaman and Ahijah and Gera; and Iglaam was the father of Uzza and Ahihud.
 και νοομα και αχια και γηρα οὗτος ιγλααμ και ἐγέννησεν τὸν ναανα και τὸν αχιχωδ
- 8 -
And Shaharaim became the father of children in the country of the Moabites after driving out Hushim and Beerah his wives;
 και σααρημ ἐγέννησεν ἐν τῷ πεδίῳ μοαβ μετὰ τὸ ἀποστελεῖλαι αὐτὸν ωσιμ και τὴν βααδα γυναῖκα αὐτοῦ
- 9 **Charayim divòse ak de madanm li yo: Ouchim ak Bara. Apre sa, li al rete nan peyi Moab, li marye ak Odèch ki ba li sèt pitit gason: Jobab, Zibya, Mecha, Malkam,**
And by Hodesh his wife he became the father of Jobab and Zibia and Mesha and Malcam.
 και ἐγέννησεν ἐκ τῆς αδα γυναικὸς αὐτοῦ τὸν ιωβαβ και τὸν σεβια και τὸν μισα και τὸν μελχαμ

- 10 Jeou, Sakya, Mima. Tout pitit gason l' yo te chèf fanmi.
And Jeuz and Shachia and Mirmah. These were his sons, heads of families.
καὶ τὸν ἰαῶς καὶ τὸν σαβία καὶ τὸν μαρμα οὗτοι ἄρχοντες πατριῶν
- 11 Li te gen de lòt pitit gason Ouchim te fè pou li: Abitoub ak Elpal.
And Hushim became the father of Abitub and Elpaal.
καὶ ἐκ τῆς ὠσιμ ἐγέννησεν τὸν ἀβιτωβ καὶ τὸν ἀφρααλ
- 12 Elpal te gen twa pitit gason: Ebè, Micham ak Chèmèd. Se Chèmèd sa a ki te bati lavil Ono ak lavil Lòd ansanm ak tout ti bouk ki te sou kont li yo.
And the sons of Elpaal: Eber and Misham and Shemed (he was the builder of Ono and Lod and their daughter-towns);
καὶ υἱοὶ ἀφρααλ ὠβηδ μεσσαμ σεμμηρ οὗτος ὠκοδόμησεν τὴν ὠνω καὶ τὴν λοδ καὶ τὰς κώμας αὐτῆς
- 13 Berya ak Chema te chèf fanmi moun ki te rete lavil Ajalon. Se yo ki te mete ansyen moun ki te rete lavil Gat yo deyò.
And Beriah and Shema, who were heads of the families of those who were living in Aijalon, who put to flight the people living in Gath;
καὶ βεριγα καὶ σαμα οὗτοι ἄρχοντες τῶν πατριῶν τοῖς κατοικοῦσιν αἰλαμ καὶ οὗτοι ἐξεδίωξαν τοὺς κατοικοῦντας γεθ
- 14 Men pitit Berya yo: Akio, Chachak, Jeremòt,
And their brothers Shashak and Jeremoth.
καὶ ἀδελφὸς αὐτοῦ σωσηκ καὶ ἰαριμωθ
- 15 Zebadya, Arad, Edè,
And Zebadiah and Arad and Eder
καὶ ζαβαδία καὶ ὠρηρ καὶ ὠδηδ
- 16 Michayèl, Ichpa ak Joa.
And Michael and Ishpah and Joha, the sons of Beriah;
καὶ μιχαηλ καὶ ἰεσφα καὶ ἰωχα υἱοὶ βεριγα
- 17 Men non pitit Elpal yo: Zebadya, Mechoulam, Izki, Ebè,
And Zebadiah and Meshullam and Hizki and Heber
καὶ ζαβαδία καὶ μοσολλαμ καὶ ἀζακι καὶ ἀβαρ
- 18 Ichmerayi, Izlija ak Jobab.
And Ishmerai and Izliah and Jobab, the sons of Elpaal;
καὶ ἰσαμαρι καὶ ἰεζλία καὶ ἰωβαβ υἱοὶ ἐφρααλ
- 19 Men pitit Chimèyi yo: Jakim, Zikri, Zabdi,
And Jakim and Zichri and Zabdi
καὶ ἰακιμ καὶ ζεχρι καὶ ζαβδι
- 20 Elyenayi, Ziltayi, Eliyèl,
And Elienai and Zillethai and Eliel
καὶ ἐλιωναι καὶ σάλθι καὶ ἐλιηλι
- 21 Adaja, Beraja ak Chimrat.
And Adaiah and Beraiah and Shimrath, the sons of Shimei;
καὶ ἀδαια καὶ βαραια καὶ σαμαραθ υἱοὶ σαμαϊ
- 22 Men pitit Chachak yo: Ichpan, Ebè, Eliyèl,
And Ishpan and Eber and Eliel
καὶ ἰσπαν καὶ ὠβηδ καὶ ἐλεηλ
- 23 Abdon, Zikri, Anan,
And Abdon and Zichri and Hanan
καὶ ἀβαδων καὶ ζεχρι καὶ ἀναν

- 24 Ananya, Elam, Antotija,
And Hananiah and Elam and Anathothijah
καὶ ἀνανία καὶ ἀμβρι καὶ αἰλαμ καὶ ἀναθωθία
- 25 Ifdeja ak Penwèl.
And Iphdeiah and Penuel, the sons of Shashak;
καὶ ἀθιν καὶ ἰεφερία καὶ φελιηλ υἱοὶ σοσηκ
- 26 Men pitit Jeworam yo: Chamcherayi, Chearya, Atalya,
And Shamsheraï and Shehariah and Athaliah
καὶ σαμσαρία καὶ σααρία καὶ ογοθολία
- 27 Jarechya, Elija ak Zikri.
And Jareshiah and Elijah and Zichri, the sons of Jeremoth.
καὶ ἰαρασία καὶ ἠλία καὶ ζεχρι υἱοὶ ἰρααμ
- 28 Chak mesye sa yo te chèf fanmi yo. Yo te rete lavil Jerizalèm.
These were heads of families in their generations; chief men: these were living in Jerusalem.
οὗτοι ἄρχοντες πατριῶν κατὰ γενέσεις αὐτῶν ἄρχοντες οὗτοι κατόκησαν ἐν ἱερουσαλημ
- 29 Jeyèl te bati lavil Gabawon kote li te rete. Madanm li te rele Maaka.
And in Gibeon was living the father of Gibeon, Jeiel, whose wife's name was Maacah;
καὶ ἐν γαβαων κατόκησεν πατὴρ γαβαων καὶ ὄνομα γυναικὶ αὐτοῦ μααχα
- 30 Premye pitit gason l' lan te rele Abdon. Lòt pitit li yo te rele Zou, Kich, Nè, Nadab,
And his oldest son Abdon, and Zur and Kish and Baal and Ner and Nadab
καὶ υἱὸς αὐτῆς ὁ πρωτότοκος ἀβαδων καὶ σουρ καὶ κισ καὶ βααλ καὶ νηρ καὶ ναδαβ
- 31 Gedò, Akio, Zekè
And Gedor and Ahio and Zechariah and Mikloth.
καὶ γεδουρ καὶ ἀδελφὸς αὐτοῦ καὶ ζαχουρ καὶ μακαλωθ
- 32 ak Miklòt ki te papa Chimea. Pitit moun sa yo te rete lavil Jerizalèm bò kote moun ki te menm branch fanmi ak yo.
And Mikloth was the father of Shimeah. And they were living with their brothers in Jerusalem opposite their brothers.
καὶ μακαλωθ ἐγέννησεν τὸν σεμα καὶ γὰρ οὗτοι κατέναντι τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν κατόκησαν ἐν ἱερουσαλημ μετὰ τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν
- 33 ¶ Nè te papa Kich ki te papa Sayil. Sayil te gen kat pitit gason: Jonatan, Malchichwa, Abinadab ak Echbaal.
And Ner was the father of Abner, and Kish was the father of Saul, and Saul was the father of Jonathan and Malchi-shua and Abinadab and Eshbaal.
καὶ νηρ ἐγέννησεν τὸν κισ καὶ κισ ἐγέννησεν τὸν σαουλ καὶ σαουλ ἐγέννησεν τὸν ἰωθαναν καὶ τὸν μελχισουε καὶ τὸν ἀμιναδαβ καὶ τὸν ἀσαβαλ
- 34 Jonatan te papa Meribaal ki te papa Mika.
And the son of Jonathan was Merib-baal; and Merib-baal was the father of Micah.
καὶ υἱοὶ ἰωθαναν μεριβααλ καὶ μεριβααλ ἐγέννησεν τὸν μιχια
- 35 Mika te gen kat pitit gason: Piton, Melèk, Tarea ak Akaz.
And the sons of Micah: Pithon and Melech and Tarea and Ahaz.
καὶ υἱοὶ μιχια φιθων καὶ μελχηλ καὶ θερεε καὶ ἀχαζ
- 36 Akaz te papa Jeojada ki te gen twa pitit gason: Alemèt, Azmavèt ak Zimri. Zimri te papa Moza.
And Ahaz was the father of Jehoaddah; and Jehoaddah was the father of Alemeth and Azmaveth and Zimri; and Zimri was the father of Moza;
καὶ ἀχαζ ἐγέννησεν τὸν ἰωιαδα καὶ ἰωιαδα ἐγέννησεν τὸν γαλεμαθ καὶ τὸν ασμωθ καὶ τὸν ζαμβρι καὶ ζαμβρι ἐγέννησεν τὸν μοισα
- 37 Moza te papa Binea ki te papa Rafad. Rafad te papa Eleaza ki te papa Azèl.
And Moza was the father of Binea: Raphah was his son, Eleasah his son, Azel his son;
καὶ μοισα ἐγέννησεν τὸν βαινα ραφαα υἱὸς αὐτοῦ ελασα υἱὸς αὐτοῦ εσηλ υἱὸς αὐτοῦ

- 38 Azèl te gen sis pitit gason. Se te Azrikam, Bokwou, Ichmayèl, Chearya, Obadya ak Anan.
 And Azel had five sons, whose names are: Azrikam, his oldest, and Ishmael and Sheariah and Obadiah and Hanan. All these were the sons of Azel.
 και τῶ εσηλ ἕξ υἱοὶ και ταῦτα τὰ ὀνόματα αὐτῶν εζρικαμ πρωτότοκος αὐτοῦ και ισμαηλ και σαραια και αβδία και αναν πάντες οὔτοι υἱοὶ εσηλ
- 39 Echèk, frè Azèl la, te gen twa pitit gason: Oulam, Jeouch ak Elifelèt.
 And the sons of Eshek his brother: Ulam his oldest son, Jeush the second, and Eliphelet the third.
 και υἱοὶ ασηλ ἀδελφοῦ αὐτοῦ αιλαμ πρωτότοκος αὐτοῦ και ιαις ὁ δεῦτερος ελιφαλετ ὁ τρίτος
- 40 Pitit gason Oulam yo te vanyan sòlda ki te gen anpil ladrès nan sèvi ak banza. Yo te gen sansenkant (150) pitit ak pitit pitit antou. Tout moun sa yo te fè pati branch fanmi Benjamen an.
 And the sons of Ulam were men of war, bowmen, and had a great number of sons and sons' sons, a hundred and fifty. All these were the sons of Benjamin.
 και ἦσαν υἱοὶ αιλαμ ισχυροὶ ἄνδρες δυνάμει τείνοντες τόξον και πληθύνοντες υἱοὺς και υἱοὺς τῶν υἱῶν ἑκατὸν πενήκοντα πάντες οὔτοι ἕξ υἱῶν βενιαμιν
- 1 ¶ Se konsa yo te make non tout moun pep Izrayèl yo dapre fanmi yo nan liv wa Izrayèl yo. Yo te depòte moun peyi Jida yo lavil Babilòn paske yo pa t' fè volonte Bondye.
 So all Israel was listed by their families; and, truly, they are recorded in the book of the kings of Israel. And Judah was taken away as prisoners to Babylon because of their sin.
 και πᾶς ισραηλ ὁ συλλοχισμὸς αὐτῶν και οὔτοι καταγεγραμμένοι ἐν βιβλίῳ τῶν βασιλέων ισραηλ και ιουδα μετὰ τῶν ἀποικισθέντων εἰς βαβυλῶνα ἐν ταῖς ἀνομίαις αὐτῶν
- 2 Premye moun nan pèp Izrayèl la ki te tounen vin rete sou tè yo ak nan lavil yo se te prèt yo, moun Levi yo ak moun k'ap travay nan Tanp lan.
 Now the first to take up their heritage in their towns were: Israel, the priests, the Levites, and the Nethinim.
 και οἱ κατοικοῦντες πρότερον ἐν ταῖς κατασχέσεσιν αὐτῶν ἐν ταῖς πόλεσιν ισραηλ οἱ ἱερεῖς οἱ λευῖται και οἱ δεδομένοι
- 3 Se lavil Jerizalèm moun nan branch fanmi Jida, moun nan branch fanmi Benjamen, moun nan branch fanmi Efrayim ak moun nan branch fanmi Manase, yo tout al rete.
 And in Jerusalem there were living some of the sons of Judah, and of Benjamin, and of Ephraim and Manasseh;
 και ἐν ἱερουσαλημ κατόκησαν ἀπὸ τῶν υἱῶν ιουδα και ἀπὸ τῶν υἱῶν βενιαμιν και ἀπὸ τῶν υἱῶν εφραιμ και μανασση
- 4 Nan moun Jida yo te gen Outayi, pitit gason Amiyoud. Amiyoub sa a te pitit Omri, Omri te pitit Imri, Imri te pitit gason Bani, Bani te soti nan fanmi Perèz, pitit Jida.
 Uthai, the son of Ammihud, the son of Omri, the son of Imri, the son of Bani, of the sons of Perez, the son of Judah.
 γωθι υἱὸς αμμιουδ υἱοῦ αμρι υἱοῦ υἱῶν φαρες υἱοῦ ιουδα
- 5 Nan fanmi Chela a te gen Asaja ki te chèf fanmi an.
 And of the Shilonites: Asaiah the oldest, and his sons.
 και ἐκ τῶν σηλωνι ασαια πρωτότοκος αὐτοῦ και υἱοὶ αὐτοῦ
- 6 Nan fanmi Zerk la te gen Jeoujèl ki te chèf fanmi an. Sa te fè antou sisankatrevendis (690) moun nan fanmi Jida a ki te rete lavil Jerizalèm.
 And of the sons of Zerah: Jeuel, and their brothers, six hundred and ninety.
 ἐκ τῶν υἱῶν ζαρα ιηλ και ἀδελφοὶ αὐτῶν ἑξακόσιοι και ἑνεήκοντα
- 7 Nan moun fanmi Benjamen yo te gen Salou, pitit gason Mechoulam, ki te pitit gason Odavya, ki li menm te pitit gason Asenwa.
 And of the sons of Benjamin: Sallu, the son of Meshullam, Judah, the son of Hassenuah,
 και ἐκ τῶν υἱῶν βενιαμιν σαλω υἱὸς μοσολλαμ υἱοῦ ωδουια υἱοῦ σαναα
- 8 Te gen Jibneja, pitit gason Jeworam, Ela, pitit gason Ouzi, pitit pitit Mikri, ak Mechoulam, pitit Chepatya, ki te pitit Reouyèl, pitit pitit Jibniya.
 And Ibneiah, the son of Jeroham, and Elah, the son of Uzzi, the son of Michri, and Meshullam, the son of Shephatiah, the son of Reuel, the son of Ibnijah;
 και βαναα υἱὸς ιρααμ και οὔτοι υἱοὶ οζι υἱοῦ μαχρ και μασσαλημ υἱὸς σαφατια υἱοῦ ραγουηλ υἱοῦ βαναια
- 9 Sa te fè antou nèfsansenkannsis (956) moun nan fanmi Benjamen an ki te rete lavil Jerizalèm. Yo tout te chèf fanmi yo.
 And their brothers, in the list of their generations, nine hundred and fifty-six. All these men were heads of families, listed by the names of their fathers.
 και ἀδελφοὶ αὐτῶν κατὰ γενέσεις αὐτῶν ἑνακόσιοι πενήκοντα ἕξ πάντες οἱ ἄνδρες ἄρχοντες πατριῶν κατ' οἶκος πατριῶν αὐτῶν
- 10 Men prèt ki t'ap viv nan lavil la. Te gen Jedaja, Jeojarib, Jaken,
 And of the priests: Jedaiah and Jehoiarib and Jachin
 και ἀπὸ τῶν ἱερέων ιωδαι και ιωαρμ και ιαχιν
- 11 Azarya, pitit Ilkija. Ilkija sa a te pitit Mechoulam, Mechoulam te pitit Zadòk, Zadòk te pitit Merajòt, Merajòt te pitit Achitoub. Se li menm Achitoub sa a ki te chèf nan tanp Bondye a.
 And Azariah, the son of Hilkiah, the son of Meshullam, the son of Zadok, the son of Meraioth, the son of Ahitub, the ruler of the house of God;
 και αζαρια υἱὸς χελκια υἱοῦ μοσολλαμ υἱοῦ σαδοκ υἱοῦ μαραιωθ υἱοῦ αχτιωβ ἡγούμενος οἴκου τοῦ θεοῦ

- 12 Lèfini, te gen Adaja, pitit gason Jeworam. Jeworam sa a te pitit Pachou ki te pitit Malkija. Te gen ankò Masayi, pitit Adyèl. Adyèl sa a te pitit Jazera, Jazera te pitit Mechoulam, Mechoulam te pitit Mechilemit, Mechilemit te pitit Ime.
 And Adaiah, the son of Jeroham, the son of Pashhur, the son of Malchijah, and Maasai, the son of Adiel, the son of Jahzerah, the son of Meshullam, the son of Meshillemith, the son of Immer;
 καὶ ἀδαια υἱὸς ἱρααμ υἱοῦ πασχωρ υἱοῦ μαλχια καὶ μασσαία υἱὸς ἀδιηλ υἱοῦ ἰεδίου υἱοῦ μοσολλαμ υἱοῦ μασελμωθ υἱοῦ ἐμμηρ
- 13 Prèt sa yo ak fanmi yo te fè antou milsètsanswasant (1.760) moun ki te chèf fanmi, vanyan gason ki te bon pou sèvis kay Bondye a.
 And their brothers, heads of their families, a thousand and seven hundred and sixty: able men, doing the work of the house of God.
 καὶ ἀδελφοὶ αὐτῶν ἄρχοντες οἴκων πατριῶν χίλιοι ἑπτακόσιοι ἐξήκοντα ἰσχυροὶ δυνάμει εἰς ἐργασίαν λειτουργίας οἴκου τοῦ θεοῦ
- 14 ¶ Men moun Levi ki te rete nan lavil la. Te gen Chemaja, pitit gason Achoub. Achoub sa a te pitit Azrikam, Azrikam te pitit Achabya, nan branch fanmi Merari a.
 And of the Levites: Shemaiah, the son of Hasshub, the son of Azrikam, the son of Hashabiah, of the sons of Merari;
 καὶ ἐκ τῶν λευιτῶν σαμαία υἱὸς ασωβ υἱοῦ εσρικαμ υἱοῦ ασαβια ἐκ τῶν υἱῶν μεραρι
- 15 Te gen Bakbaka, Erès, Galal ak Matanya. Matanya sa a te pitit Mika. Mika te pitit Zikri, Zikri li menm te pitit Asaf.
 And Bakbakkar, Heresh, and Galal, and Mattaniah, the son of Mica, the son of Zichri, the son of Asaph;
 καὶ βακβακαρ καὶ ἀρησ καὶ γαλαλ καὶ μανθανίας υἱὸς μιχα υἱοῦ ζεχρι υἱοῦ ασαφ
- 16 Te gen Obadya, pitit Chemaya. Chemaya sa a te pitit Galal, Galal te pitit Jedoutoun. Pou fini, te gen Berekyia, pitit Asa, ki te pitit Elkana ki te rete nan ti bouk moun Netofa yo.
 And Obadiah, the son of Shemaiah, the son of Galal, the son of Jeduthun, and Berechiah, the son of Asa, the son of Elkanah, who were living in the small towns of the Netophathites.
 καὶ ἀβδία υἱὸς σαμια υἱοῦ γαλαλ υἱοῦ ἰδιθων καὶ βαραχια υἱὸς οσσα υἱοῦ ἠλκανα ὁ κατοικῶν ἐν ταῖς κώμαις νετωφατι
- 17 Men gad ki t'ap fè pòs nan pòtay Tanp lan. Se te Chaloum, Akoub, Talmon, Akiman ak lòt fanmi yo. Se Chaloum ki te chèf yo.
 And the door-keepers: Shallum and Akkub and Talmon and Ahiman and their brothers: Shallum was the chief.
 οἱ πυλωροὶ σαλωμ καὶ ακουβ καὶ ταλμαν καὶ ἀιμαν καὶ ἀδελφοὶ αὐτῶν σαλωμ ὁ ἄρχων
- 18 Jouk jounen jòdi a se yo k'ap fè pòs nan Pòtay Wa ki bay sou bò solèy leve a, kote pou wa a pase a. Nan tan lontan, se yo menm ki te konn fè pòs nan Pòtay Kay moun Levi yo.
 Up till then they had been at the king's door to the east. They were door-keepers for the tents of the sons of Levi.
 καὶ ἕως ταύτης ἐν τῇ πόλει τοῦ βασιλέως κατ' ἀνατολάς αὐταὶ αἱ πύλαι τῶν παρεμβολῶν υἱῶν λευι
- 19 Chaloum, pitit Kore, pitit pitit Ebyazaf nan branch fanmi Kore a, ansanm ak lòt moun nan fanmi Kore a te reskonsab veye pòtay pou antre nan kote ki apa pou Seyè a, tankou zansèt yo te fè l' anvan sa lè yo t'ap veye Pòtay kan Seyè a.
 And Shallum, the son of Kore, the son of Ebiasaph, the son of Korah, and his brothers, of his family, the Korahites, were responsible for everything which had to be done in connection with the order of worship, keepers of the doors of the Tent; their fathers had had the care of the tents of the Lord, being keepers of the doorway.
 καὶ σαλωμ υἱὸς κορη υἱοῦ ἀβιασαφ υἱοῦ κορε καὶ οἱ ἀδελφοὶ αὐτοῦ εἰς οἶκον πατρὸς αὐτοῦ οἱ κορίται ἐπὶ τῶν ἔργων τῆς λειτουργίας φυλάσσοντες τὰς φυλακὰς τῆς σκηνῆς καὶ πατέρες αὐτῶν ἐπὶ τῇ παρεμβολῇ κυρίου φυλάσσοντες τὴν εἴσοδον
- 20 Yon lè se Fineas, pitit Eleaza a, ki te chèf yo. Seyè a te toujou kanpe avè l'.
 In the past Phinehas, the son of Eleazar, had been ruler over them; may the Lord be with him!
 καὶ φινεεσ υἱὸς ελεαζαρ ἠγούμενος ἦν ἐπ' αὐτῶν ἔμπροσθεν καὶ οὗτοι μετ' αὐτοῦ
- 21 Zakari, pitit Mechelemya, te gad nan pòtay Tant Randevou a tou.
 Zechariah, the son of Meshelemiah, was keeper of the door of the Tent of meeting.
 ζαχαρίας υἱὸς μασαλαμ πυλωρὸς τῆς θύρας τῆς σκηνῆς τοῦ μαρτυρίου
- 22 Antou te gen desandouz (212) gason yo te chwazi pou fè pòs nan pòtay tanp lan, dapre liv rejis fanmi yo nan ti bouk kote yo moun. Se wa David ak pwofèt Samyèl ki te bay zansèt yo reskonsablite sa a pou tout tan.
 There were two hundred and twelve whose business it was to keep the doorway. These were listed by families in the country places where they were living, whom David and Samuel the seer put in their responsible positions.
 πάντες οἱ ἐκλεκτοὶ ταῖς πύλαις ἐν ταῖς πύλαις διακόσιοι καὶ δέκα δύο οὗτοι ἐν ταῖς αὐλαῖς αὐτῶν ὁ καταλοχισμὸς αὐτῶν τούτους ἔστησεν δαυιδ καὶ σαμουηλ ὁ βλέπων τῇ πίστει αὐτῶν
- 23 Se konsa, yo menm ak pitit yo yo toujou ap fè pòs nan pòtay Tanp lan, nan pòtay Tant Randevou a.
 So they and their sons had the care of the doors of the house of the Lord, the house of the Tent, as watchers.
 καὶ οὗτοι καὶ οἱ υἱοὶ αὐτῶν ἐπὶ τῶν πυλῶν ἐν οἴκῳ κυρίου ἐν οἴκῳ τῆς σκηνῆς τοῦ φυλάσσειν

- 24 Te gen kat pòtay ki te bay sou kat bòn direksyon yo: lès, lwès, nò ak sid. Pou chak pòtay te gen yon chèf gad.
There were keepers of the doors on the four sides, to the east, west, north, and south.
κατὰ τοὺς τέσσαρας ἀνέμους ἦσαν αἱ πύλαι κατ' ἀνατολᾶς θάλασσαν βορρᾶν νότον
- 25 Fanmi yo ki te rete nan ti bouk yo te vin ede yo nan travay la pandan sèt jou, yonn apre lòt.
And their brothers, in the country places where they were living, were to come in every seven days to be with them from time to time.
καὶ ἀδελφοὶ αὐτῶν ἐν ταῖς αὐλαῖς αὐτῶν τοῦ εἰσπορεύεσθαι κατὰ ἑπτὰ ἡμέρας ἀπὸ καιροῦ εἰς καιρὸν μετὰ τούτων
- 26 Men, kat chèf gad yo te toujou la desèvis. Se moun fanmi Levi yo te ye. Se yo ki te reskonsab tout pyès chanm ansanm ak tout trezò ki te la nan Tanp lan.
For the four chief door-keepers, who were Levites, had a special position, looking after the rooms and the store-houses of the house of God.
ὅτι ἐν πίστει εἰσὶν τέσσαρες δυνατοὶ τῶν πυλῶν οἱ λευῖται ἦσαν ἐπὶ τῶν παστοφορίων καὶ ἐπὶ τῶν θησαυρῶν οἴκου τοῦ θεοῦ
- 27 Yo te rete pase nwit yo toupre Tanp lan, paske se yo ki te reskonsab veye l'. Lèfini, chak maten se yo ki pou te louvri pòtay yo.
Their sleeping-rooms were round the house of God, for they had the care of it, and were responsible for opening it morning by morning.
καὶ περικύκλω οἴκου τοῦ θεοῦ παρεμβалоῦσιν ὅτι ἐπ' αὐτοὺς φυλακὴ καὶ οὗτοι ἐπὶ τῶν κλειδῶν τὸ πρωὶ πρωὶ ἀνοίγειν τὰς θύρας τοῦ ἱεροῦ
- 28 Te gen lòt moun Levi ki te reskonsab tout veso yo sèvi pou fè seremoni yo. Se pou yo te kontwole yo ni anvan ni apre chak seremoni yo.
Certain of them had the care of the vessels used in worship, to keep an account of them when they came in and when they were taken out again.
καὶ ἐξ αὐτῶν ἐπὶ τὰ σκεύη τῆς λειτουργίας ὅτι ἐν ἀριθμῷ εἰσοίσουσιν αὐτὰ καὶ ἐν ἀριθμῷ ἐξοίσουσιν αὐτὰ
- 29 Te gen lòt moun Levi ki te reskonsab tout rès bagay ki te nan Tanp lan ansanm ak farin frans, diven, lwil oliv, lansan ak odè yo.
And some of them were responsible for the holy things and for the vessels of the holy place, and the meal and the wine and the oil and the perfume and the spices.
καὶ ἐξ αὐτῶν καθεσταμένοι ἐπὶ τὰ σκεύη καὶ ἐπὶ πάντα τὰ σκεύη τὰ ἅγια καὶ ἐπὶ τῆς σεμιδάλεως τοῦ οἴνου τοῦ ἐλαίου τοῦ λιβανωτοῦ καὶ τῶν ἀρωμάτων
- 30 Men, se prèt yo ki te reskonsab pare odè yo.
And some of the sons of the priests were responsible for crushing the spices.
καὶ ἀπὸ τῶν υἱῶν τῶν ἱερέων ἦσαν μυραγοὶ τοῦ μύρου καὶ εἰς τὰ ἀρώματα
- 31 Se yon moun Levi yo te rele Matitya, premye pitit Chaloum nan fanmi Kore a, ki te toujou reskonsab fè gato pou ofrann yo.
And Mattithiah, one of the Levites, the oldest son of Shallum the Korahite, was responsible for cooking the flat cakes.
καὶ ματταθίας ἐκ τῶν λευιτῶν οὗτος ὁ πρωτότοκος τῷ σαλωμ τῷ κορίτῃ ἐν τῇ πίστει ἐπὶ τὰ ἔργα τῆς θυσίας τοῦ τηγάνου τοῦ μεγάλου ἱερέως
- 32 Lòt moun Levi nan fanmi Keyat la te reskonsab pare pen pou yo te mete chak jou repo nan Tanp lan.
And some of their brothers, sons of the Kohathites, were responsible for the holy bread which was put in order before the Lord, to get it ready every Sabbath.
καὶ βαναιας ὁ καθίτης ἐκ τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν ἐπὶ τῶν ἄρτων τῆς προθέσεως τοῦ ἐτοιμάσαι σάββατον κατὰ σάββατον
- 33 Genyen nan fanmi Levi yo ki te sanba. Chèf fanmi sa yo te viv nan pyès chanm ki te nan Tanp lan. Yo pa t' gen lòt okipasyon pase lajounen kou lannwit yo t'ap fè travay yo.
And these were those who had the ordering of the music and songs, heads of families of the Levites, who were living in the rooms, and were free from other work, for their work went on day and night.
καὶ οὗτοι ψαλτωδοὶ ἄρχοντες τῶν πατριῶν τῶν λευιτῶν διατεταγμένοι ἐφημερίαὶ ὅτι ἡμέρα καὶ νύξ ἐπ' αὐτοῖς ἐν τοῖς ἔργοις
- 34 Tout mesye sa yo te chèf fanmi moun Levi yo, dapre zansèt yo rive jòdi a. Yo te rete lavil Jerizalèm.
These were heads of families of the Levites in their generations, chief men; they were living at Jerusalem.
οὗτοι ἄρχοντες τῶν πατριῶν τῶν λευιτῶν κατὰ γενέσεις αὐτῶν ἄρχοντες οὗτοι κατόκησαν ἐν ἱερουσαλημ
- 35 ¶ Jeyèl te bati lavil Gabawon kote li te rete. Madanm li te rele Maaka.
And in Gibeon was living the father of Gibeon, Jeiel, whose wife's name was Maacah;
καὶ ἐν γαβαων κατόκησεν πατὴρ γαβαων ιηλ καὶ ὄνομα γυναικὸς αὐτοῦ μοαχα
- 36 Premye pitit gason l' lan te rele Abdon. Lòt pitit li yo te rele Zou, Kich, Baal, Nè, Nadak,
And Abdon his oldest son, and Zur and Kish and Baal and Ner and Nadab
καὶ υἱὸς αὐτοῦ ὁ πρωτότοκος ἀβαδων καὶ συρ καὶ κισ καὶ βααλ καὶ νηρ καὶ ναδαβ
- 37 Gedò, Akio, Zèkè ak Miklòt.
And Gedor and Ahio and Zechariah and Mikloth
καὶ γεδουρ καὶ ἀδελφὸς καὶ ζαχαρια καὶ μακελλωθ

- 38 Se Miklòt sa a ki te papa Chimeam. Pitit moun sa yo te rete lavil Jerizalèm bò kote moun ki te menm branch fanmi ak yo.
Mikloth was the father of Shimeam. They were living with their brothers in Jerusalem opposite their brothers.
καὶ μακελλῶθ ἐγέννησεν τὸν σαμαα καὶ οὗτοι ἐν μέσῳ τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν κατῴκησαν ἐν ἱερουσαλημ μετὰ τῶν ἀδελφῶν αὐτῶν
- 39 Nè te papa Kich ki te papa Sayil. Sayil te gen kat pitit gason: Jonatan, Malchichwa, Abinadab ak Echbaal.
And Ner was the father of Kish; and Kish was the father of Saul; and Saul was the father of Jonathan and Malchi-shua and Abinadab and Eshbaal.
καὶ νηρ ἐγέννησεν τὸν κισ καὶ κισ ἐγέννησεν τὸν σαουλ καὶ σαουλ ἐγέννησεν τὸν ιωναθαν καὶ τὸν μελχισουε καὶ τὸν αμιναδαβ καὶ τὸν ισβααλ
- 40 Jonatan te papa Meribaal ki te papa Mika.
And the son of Jonathan was Merib-baal; and Merib-baal was the father of Micah.
καὶ υἱὸς ιωναθαν μαριβααλ καὶ μαριβααλ ἐγέννησεν τὸν μιχα
- 41 Mika te gen kat pitit gason: Piton, Melèk, Tarea ak Akaz.
And the sons of Micah: Pithon and Melech and Tahrea and Ahaz.
καὶ υἱοὶ μιχα φαιθων καὶ μαλαχ καὶ θαραχ
- 42 Akaz te papa Jeojada ki te gen twa pitit gason: Alemèt, Azmavèt ak Zimri. Zimri te papa Moza.
And Ahaz was the father of Jarah; and Jarah was the father of Alemeth and Azmaveth and Zimri; and Zimri was the father of Moza.
καὶ αχαζ ἐγέννησεν τὸν ιαδα καὶ ιαδα ἐγέννησεν τὸν γαλεμεθ καὶ τὸν γαζμωθ καὶ τὸν ζαμβρι καὶ ζαμβρι ἐγέννησεν τὸν μασα
- 43 Moza te papa Binea ki te papa Rafad. Rafad te papa Eleaza ki te papa Azèl.
And Moza was the father of Binea; and Rephaiah was his son, Eleasah his son, Azel his son.
καὶ μασα ἐγέννησεν τὸν βαανα ραφαια υἱὸς αὐτοῦ ελεασα υἱὸς αὐτοῦ εσηλ υἱὸς αὐτοῦ
- 44 Azèl te gen sis pitit gason. Se te Azrikam, Bokewou, Ichmayèl, Chearya, Obadya ak Anan, Se non pitit gason Azèl yo sa.
And Azel had five sons, whose names are: Azrikam, his oldest son, and Ishmael and Sheariah and Obadiah and Hanan: these were the sons of Azel.
καὶ τῷ εσηλ ἕξ υἱοὶ καὶ ταῦτα τὰ ὀνόματα αὐτῶν εσδρικαμ πρωτότοκος αὐτοῦ ισμαηλ καὶ σαρια καὶ αβδια καὶ αναν οὗτοι υἱοὶ εσηλ
- 1 ¶ Moun Filisti yo leve yon sèl batay ak moun pèp Izrayèl yo sou mòn Gilboa. Anpil nan moun pèp Izrayèl yo te mouri, rès yo te kouri met deyò.
Now the Philistines were fighting against Israel; and the men of Israel went in flight before the Philistines, falling down wounded in Mount Gilboa.
καὶ ἀλλόφυλοι ἐπολέμησαν πρὸς ἰσραηλ καὶ ἔφυγον ἀπὸ προσώπου ἀλλοφύλων καὶ ἔπεσον τραυματῖαι ἐν ὄρει γελβουε
- 2 Moun Filisti yo rive sou Sayil ak pitit gason l' yo. Yo touye Jonatan, Abinadab ak Malchichwa frèt.
And the Philistines went hard after Saul and his sons, and put to death Jonathan and Abinadab and Malchi-shua, the sons of Saul.
καὶ κατεδίωξαν ἀλλόφυλοι ὀπίσω σαουλ καὶ ὀπίσω υἱῶν αὐτοῦ καὶ ἐπάταξαν ἀλλόφυλοι τὸν ιωναθαν καὶ τὸν αμιναδαβ καὶ τὸν μελχισουε υἱοὺς σαουλ
- 3 Batay la te mangonmen kote Sayil te ye a. Mesye ki t'ap voye flèch nan banza yo te konmanse ap vize sou li. Lè li wè sa, li pran tranble.
And the fight was going against Saul, and the archers came across him, and he was wounded by the archers.
καὶ ἐβαρύνθη ὁ πόλεμος ἐπὶ σαουλ καὶ εὔρον αὐτὸν οἱ τοξῶται ἐν τοῖς τόξοις καὶ πόνοις καὶ ἐπόνεσεν ἀπὸ τῶν τόξων
- 4 Li rele gad kò ki t'ap pote zam li yo, li di l' konsa: -Rale nepe ou, touye m' pou bann moun sa yo ki pa sèvi Bondye pa gen tan rive sou mwen pou yo pase m' nan betiz. Men, gad kò a pa t' vle paske li te pè anpil. Lè sa a, Sayil pran nepe a, li vire l' tèt anba, li lage kò l' sou li.
Then Saul said to the servant who had the care of his arms, Take your sword and put it through me, before these men without circumcision come and make sport of me. But his servant, full of fear, would not do so. Then Saul took out his sword, falling on it himself.
καὶ εἶπεν σαουλ τῷ αἵρωντι τὰ σκευὴ αὐτοῦ σπάσαι τὴν ῥομφαίαν σου καὶ ἐκκέντησόν με ἐν αὐτῇ μὴ ἔλθωσιν οἱ ἀπερίτμητοι οὗτοι καὶ ἐμπαίζωσίν μοι καὶ οὐκ ἐβούλετο ὁ αἵρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ ὅτι ἐφοβεῖτο σφόδρα καὶ ἔλαβεν σαουλ τὴν ῥομφαίαν καὶ ἐπέτεσεν ἐπ' αὐτήν
- 5 Lè gad kò a wè Sayil te mouri, li fè menm bagay la tou, li lage kò l' sou nepe pa li a, li mouri ansanm ak Sayil.
And when his servant saw that Saul was dead, he did the same, and came to his death.
καὶ εἶδεν ὁ αἵρων τὰ σκευὴ αὐτοῦ ὅτι ἀπέθανεν σαουλ καὶ ἔτεσεν καί γε αὐτὸς ἐπὶ τὴν ῥομφαίαν αὐτοῦ καὶ ἀπέθανεν
- 6 Se konsa, ni Sayil ni twa pitit gason l' yo te mouri. Jou sa a, tout mesye Sayil yo te mouri.
So death overtook Saul and his three sons; all his family came to an end together.
καὶ ἀπέθανεν σαουλ καὶ τρεῖς υἱοὶ αὐτοῦ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ πᾶς ὁ οἶκος αὐτοῦ ἐπὶ τὸ αὐτὸ ἀπέθανεν

- 7 Moun pèp Izrayèl yo ki te rete nan fon an te wè sòlda pèp Izrayèl yo kouri epi Sayil ak pitit gason l' yo mouri. Lè sa a, yo leve kite lavil kote yo te rete yo, yo met deyò. Moun Filisti yo vini, yo pran lavil yo pou yo.
 And when all the men of Israel who were in the valley saw that the men of Israel had gone in flight and that Saul and his sons were dead, they went in flight away from their towns; and the Philistines came and took them for themselves.
 και εἶδεν πᾶς ἀνὴρ ἰσραηλ ὃ ἐν τῷ αὐλώνῳ ὅτι ἔφυγεν ἰσραηλ καὶ ὅτι ἀπέθανεν σαουλ καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ καὶ κατέλιπον τὰς πόλεις αὐτῶν καὶ ἔφυγον καὶ ἦλθον ἀλλόφυλοι καὶ κατόκησαν ἐν αὐταῖς
- 8 ¶ Nan denmen apre batay la, moun Filisti yo tounen pou pran zam ki te sou kadav sòlda mouri yo, yo jwenn kadav Sayil ak kadav twa pitit gason l' yo kouche atè sou mòn Gilboa a.
 Now the day after, when the Philistines came to take their goods from the dead, they saw Saul and his sons dead in Mount Gilboa.
 και ἐγένετο τῇ ἐχομένῃ καὶ ἦλθον ἀλλόφυλοι τοῦ σκυλεύειν τοὺς τραυματίας καὶ εὔρον τὸν σαουλ καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ πεπτωκότας ἐν τῷ ὄρει γελβουε
- 9 Yo koupe tèt Sayil, yo pran tout zam li yo. Lèfini, yo voye gaye bon nouvèl sa a nan tout peyi Filisti a, nan tanp zidòl yo ak nan zòrèy tout pèp la.
 And they took everything off him, and took his head and his war-dress, and sent word into the land of the Philistines round about to give the news to their gods and to the people.
 και ἐξέδυσαν αὐτὸν καὶ ἔλαβον τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ καὶ τὰ σκεῦή αὐτοῦ καὶ ἀπέστειλαν εἰς γῆν ἀλλοφύλων κύκλῳ τοῦ εὐαγγελίσασθαι τοῖς εἰδώλοις αὐτῶν καὶ τῷ λαῷ
- 10 Yo mete zam Sayil yo nan tanp Astate, zidòl yo a. Epi yo pran tèt li, yo kloure l' nan tanp Dagon an.
 And they put his war-dress in the house of their gods, and put up his head in the house of Dagon.
 και ἔθηκαν τὰ σκεῦή αὐτοῦ ἐν οἴκῳ θεοῦ αὐτῶν καὶ τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ ἔθηκαν ἐν οἴκῳ δαγῶν
- 11 Lè moun lavil Jabès yo, nan peyi Galarad, vin konnen sa moun Filisti yo te fè Sayil,
 And when the news came to Jabesh-gilead of what the Philistines had done to Saul,
 και ἤκουσαν πάντες οἱ κατοικοῦντες γαλααδ ἅπαντα ἃ ἐποίησαν ἀλλόφυλοι τῷ σαουλ καὶ τῷ ἰσραηλ
- 12 tout mesye ki te brave danje yo leve, y' al pran kadav Sayil la ansanm ak kadav pitit gason l' yo, yo tounen ak yo lavil Jabès. Yo antere zosman yo anba pye tonmaren ki nan lavil Jabès la. Apre sa, yo pase sèt jou san manje.
 All the fighting-men came up and took away Saul's body and the bodies of his sons, and took them to Jabesh, and put their bones to rest under the oak-tree in Jabesh, and took no food for seven days.
 και ἠγέρθησαν ἐκ γαλααδ πᾶς ἀνὴρ δυνατὸς καὶ ἔλαβον τὸ σῶμα σαουλ καὶ τὸ σῶμα τῶν υἱῶν αὐτοῦ καὶ ἦνεγκαν αὐτὰ εἰς ἰαβις καὶ ἔθαψαν τὰ ὀστέα αὐτῶν ὑπὸ τὴν δρῦν ἐν ἰαβις καὶ ἐνήστευσαν ἐπτά ἡμέρας
- 13 Se konsa Sayil mouri paske li pa t' kenbe pawòl li ak Seyè a. Li pa t' obeyi lòd Seyè a te ba li. Li te pito fè yo rele nanm moun mouri pou l' te konnen sa ki tapral rive l',
 So death came to Saul because of the sin which he did against the Lord, that is, because of the word of the Lord which he kept not; and because he went for directions to one who had an evil spirit,
 και ἀπέθανεν σαουλ ἐν ταῖς ἀνομίαις αὐτοῦ αἷς ἠνόμησεν τῷ κυρίῳ κατὰ τὸν λόγον κυρίου διότι οὐκ ἐφύλαξεν ὅτι ἐπηρώτησεν σαουλ ἐν τῷ ἐγγαστριμύθῳ τοῦ ζητῆσαι καὶ ἀπεκρίνατο αὐτῷ σαμουηλ ὁ προφήτης
- 14 pase pou l' te al mande Seyè a sa. Se poutèt sa Seyè a te touye l', li renmèt gouvènman an nan men David, pitit Izayi a.
 And not to the Lord: for this reason, he put him to death and gave the kingdom to David, the son of Jesse.
 και οὐκ ἐζήτησεν κύριον καὶ ἀπέκτεινεν αὐτὸν καὶ ἐπέστρεψεν τὴν βασιλείαν τῷ δαυιδ υἱῷ ἰεσσαί
- 1 ¶ ¶ Tout branch fanmi Izrayèl yo vin jwenn David lavil Ebwon, yo di l' konsa: -Nou se moun menm ras, menm fanmi avè ou.
 Then all Israel came together to David at Hebron, and said, Truly, we are your bone and your flesh.
 και ἦλθεν πᾶς ἰσραηλ πρὸς δαυιδ ἐν χεβρων λέγοντες ἰδοὺ ὀστέα σου καὶ σάρκες σου ἡμεῖς
- 2 Depi lontan, menm sou rèy wa Sayil, se ou menm ki te kòmande lame pèp Izrayèl la kote l' ale. Lèfini ankò, Seyè a, Bondye ou la, te pwomèt se ou menm ki pral gouvènènan pèp li a, pèp Izrayèl la. Se ou menm ki pral chèf yo.
 In the past, when Saul was king, it was you who went at the head of Israel when they went out or came in; and the Lord your God said to you, You are to be the keeper of my people Israel, and their ruler.
 και ἐχθὲς καὶ τρίτην ὄντος σαουλ βασιλέως σὺ ἦσθα ὁ ἐξάγων καὶ εἰσάγων τὸν ἰσραηλ καὶ εἶπεν κύριος ὁ θεὸς σοῦ σοὶ σὺ ποιμανεῖς τὸν λαόν μου τὸν ἰσραηλ καὶ σὺ ἔσῃ εἰς ἠγούμενον ἐπὶ ἰσραηλ
- 3 Se konsa, tout chèf fanmi pèp Izrayèl yo vin jwenn David lavil Ebwon. Yo pase yon kontra avè l' devan Seyè a. Yo fè seremoni, yo mete l' wa sou pèp Izrayèl la tou, jan Seyè a te fè pwomès la nan bouch pwofèt Samyèl.
 So all the responsible men of Israel came to the king at Hebron; and David made an agreement with them in Hebron before the Lord; and they put the holy oil on David and made him king over Israel, as the Lord had said by Samuel.
 και ἦλθον πάντες πρεσβύτεροι ἰσραηλ πρὸς τὸν βασιλέα εἰς χεβρων καὶ διεθέτο αὐτοῖς ὁ βασιλεὺς δαυιδ διαθήκην ἐν χεβρων ἐναντίον κυρίου καὶ ἔχρισαν τὸν δαυιδ εἰς βασιλέα ἐπὶ ἰσραηλ κατὰ τὸν λόγον κυρίου διὰ χειρὸς σαμουηλ

- 4 David mache sou lavil Jerizalèm ansanm ak tout moun pèp Izrayèl yo. Lè sa a, lavil la te rele Jebis. Se moun Jebis yo, premye moun ki te rete nan peyi a, ki t'ap viv la toujou.
Then David and all Israel went to Jerusalem (which is Jebus); and the Jebusites, the people of the land, were there.
καὶ ἐπορεύθη ὁ βασιλεὺς καὶ ἄνδρες Ἰσραὴλ εἰς ἱερουσαλὴμ αὕτη ἰεβους καὶ ἐκεῖ οἱ ἰεβουσαῖοι οἱ κατοικοῦντες τὴν γῆν
- 5 Moun Jebis yo te di David: Ou p'ap janm ka rive antre nan lavil nou an. Men David pran gwo fò ki te sou tèt mòn Siyon an. Se li yo rele lavil David la.
And the people of Jebus said to David, You will not come in here. But still, David took the strong place of Zion, which is the town of David.
εἶπαν δὲ οἱ κατοικοῦντες ἰεβους τῷ δαυὶδ οὐκ εἰσελεύσῃ ὧδε καὶ προκατελάβετο τὴν περιοχὴν σιων αὕτη ἡ πόλις δαυὶδ
- 6 David pou tèt pa l' te di premye moun ki va atake moun Jebis yo, l'ap mete l' chèf, moun sa a ap grannèg nan gouvènman l' lan. Joab, pitit gason Sewouya a, te premye moun ki atake. Se konsa li vin chèf.
And David said, The first to overcome the Jebusites will be chief and captain. And Joab, the son of Zeruah, went up first, and became chief.
καὶ εἶπεν δαυὶδ πᾶς τύπων ἰεβουσαῖον ἐν πρώτοις καὶ ἔσται εἰς ἄρχοντα καὶ εἰς στρατηγόν καὶ ἀνέβη ἐπ' αὐτὴν ἐν πρώτοις ἰωαβ υἱὸς σαρουῖα καὶ ἐγένετο εἰς ἄρχοντα
- 7 Apre sa, David al rete nan fò a. Se poutèt sa yo rele l' lavil David la.
And David took the strong tower for his living-place, so it was named the town of David.
καὶ ἐκάθισεν δαυὶδ ἐν τῇ περιοχῇ διὰ τοῦτο ἐκάλεσεν αὐτὴν πόλιν δαυὶδ
- 8 Lèfini, li bati lòt kay fè wonn fò a, depi sou teras la rive bò palè a. Joab menm rebati rès lavil la.
And he took in hand the building of the town all round, starting from the Millo; and Joab put the rest of the town in order.
καὶ ὀικοδόμησεν τὴν πόλιν κύκλῳ καὶ ἐπολέμησεν καὶ ἔλαβεν τὴν πόλιν
- 9 Chak jou David t'ap vin pi fò. Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, te kanpe avè l'.
And David became greater and greater in power, because the Lord of armies was with him.
καὶ ἐπορεύετο δαυὶδ πορευόμενος καὶ μεγαλυνόμενος καὶ κύριος παντοκράτωρ μετ' αὐτοῦ
- 10 ¶ Men non chèf vanyan sòlda David yo. Se yo ki te soutni gouvènman David la ansanm ak tout pèp Izrayèl la pou l' te ka wa, jan Seyè a te pwomèt moun Izrayèl yo sa.
Now these are the chief of David's men of war who were his strong supporters in the kingdom, and, with all Israel, made him king, as the Lord had said about Israel.
καὶ οὗτοι οἱ ἄρχοντες τῶν δυνατῶν οἱ ἦσαν τῷ δαυὶδ οἱ κατισχύοντες μετ' αὐτοῦ ἐν τῇ βασιλείᾳ αὐτοῦ μετὰ παντὸς Ἰσραὴλ τοῦ βασιλεύσαι αὐτὸν κατὰ τὸν λόγον κυρίου ἐπὶ Ἰσραὴλ
- 11 Pou konmanse, te gen Jakobeyam ki soti nan branch fanmi Akmoni an. Se li menm ki te chèf twa pi vanyan yo. Pou kont li, li batay ak twasan (300) moun ak frenn li ase. Li touye yo tout yon sèl kou.
This is the list of David's men of war: Ishbaal, the son of a Hachmonite, the chief of the three: he put to death three hundred at one time with his spear.
καὶ οὗτος ὁ ἀριθμὸς τῶν δυνατῶν τοῦ δαυὶδ ἰεσεβααλ υἱὸς ἀχαμανὶ πρῶτος τῶν τριάκοντα οὗτος ἐσπάσατο τὴν ῥομφαίαν αὐτοῦ ἅπαξ ἐπὶ τριακοσίους τραυματίας ἐν καιρῷ ἐνὶ
- 12 Dezyèm lan te rele Eleaza, pitit gason Dodo, pitit yon moun lavil Akwo. Se te yonn nan twa pi vanyan yo.
And after him was Eleazar, the son of Dodo the Ahohite, who was one of the three great fighters.
καὶ μετ' αὐτὸν ελεαζαρ υἱὸς δωδαὶ ὁ ἀχωχι οὗτος ἦν ἐν τοῖς τρισὶν δυνατοῖς
- 13 Li te avèk David lè David t'ap goumen ak moun Filisti yo nan batay bò Pasdamen an. Li te nan yon jaden lòj lè sòlda pèp Izrayèl yo konmanse kouri devan moun Filisti yo.
He was with David at Pas-dammim, where the Philistines had come together for the fight, near a bit of land full of barley; and the people went in flight before the Philistines.
οὗτος ἦν μετὰ δαυὶδ ἐν φασοδομῖν καὶ οἱ ἀλλόφυλοι συνήχθησαν ἐκεῖ εἰς πόλεμον καὶ ἦν μερὶς τοῦ ἀγροῦ πλήρης κριθῶν καὶ ὁ λαὸς ἐφυγεν ἀπὸ προσώπου ἀλλοφύλων
- 14 Se konsa, li menm ak sòlda li yo, yo tout rete kanpe nan mitan jaden lòj la, yo kenbe tèt ak moun Filisti yo, yo bat yo byen bat, yo kraze yo. Se konsa Seyè a te fè yo genyen batay la sou lènmi yo.
And he took up his position in the middle of the bit of land, and kept back their attack, and overcame the Philistines; and the Lord gave a great salvation.
καὶ ἔστη ἐν μέσῳ τῆς μερίδος καὶ ἔσωσεν αὐτὴν καὶ ἐπάταξεν τοὺς ἀλλοφύλους καὶ ἐποίησεν κύριος σωτηρίαν μεγάλην
- 15 Yon lòt jou, nan sezon rekòt, twa nan gwoup Trant yo al jwenn David nan gwòt Adoulam lan. Lame moun Filisti yo te moute kan yo nan plenn moun Refayim yo.
And three of the thirty went down to David, to the rock, into the strong place of Adullam; and the army of the Philistines had taken up their position in the valley of Rephaim.
καὶ κατέβησαν τρεῖς ἐκ τῶν τριάκοντα ἀρχόντων εἰς τὴν πέτραν πρὸς δαυὶδ εἰς τὸ σπήλαιον οδολλαμ καὶ παρεμβολὴ τῶν ἀλλοφύλων παρεμβεβλήκει ἐν τῇ κοιλάδι τῶν γιγάντων
- 16 Lè sa a, David te nan fò a. Yon gwoup moun Filisti te pran lavil Betleyèm.
At that time David had taken cover in the strong place, and an armed force of the Philistines was in Beth-lehem.
καὶ δαυὶδ τότε ἐν τῇ περιοχῇ καὶ τὸ σύστημα τῶν ἀλλοφύλων τότε ἐν βαιθλεεμ
- 17 Yon sèl anvè pran David, li di konsa: -Ki moun ki va fè m' bwè ti gout dlo nan pi ki nan pòtay lavil Betleyèm lan?
And David, moved by a strong desire, said, If only someone would give me a drink of the water from the water-hole of Beth-lehem by the doorway into the town!
καὶ ἐπεθύμησεν δαυὶδ καὶ εἶπεν τίς ποτιεῖ με ὕδωρ ἐκ τοῦ λάκκου βαιθλεεμ τοῦ ἐν τῇ πόλει

- 18 Lamenn twa mesye yo desann, yo fofile kò yo nan mitan moun Filisti yo, yo pran dlo nan pi ki te nan pòtay lavil Betleyèm lan, yo pote l' vin bay David. Men, David refize bwè dlo a. Li vide l' atè, li ofri l' bay Seyè a.
So the three, forcing a way through the Philistine army, got water from the water-hole of Beth-lehem, by the doorway into the town, and took it back to David; but David would not take it, but made an offering of it, draining it out to the Lord,
 και διέρρηξαν οι τρεις την παρεμβολήν των αλλοφύλων και ύδρευσαντο ύδωρ εκ του λάκκου του εν βαιθλεεμ ως ην εν τη πόλη και έλαβον και ηλθον προς δαυιδ και ουκ ηθέλησεν δαυιδ του πιειν αυτ ο και έσπεισεν αυτò τφ κυριφ
- 19 Li di konsa: -Seyè, mwen pa gen dwa bwè dlo sa a. Se tankou si m' ta bwè san mesye sa yo ki riske lavi yo pou y' al cache l'. Se konsa, li derefize bwè dlo a. Se sa twa vanyan gason sa yo te fè.
Saying, By my God, far be it from me to do this! How may I take as drink the life-blood of these men who have put their lives in danger? so he did not take it. These things did the three great men of war.
 και ειπεν υλεως μοι ο θεος του ποιησαι τò ρημα τουτου ει αιμα ανδρων τουτων πιομαι εν ψυχαις αυτων οτι εν ψυχαις αυτων ηνεγκαν αυτò και ουκ εβουλετο πιειν αυτò ταυτα εποιησαν οι τρεις δυνατοι
- 20 Abichayi, frè Joab, te chèf trant vanyan yo. Pou kont li, avèk yon frenn nan men l', li goumen ak twasan (300) moun, li touye yo. Se konsa, tout moun t'ap nonmen non l' nan gwoup Trant vanyan yo.
And Abishai, the brother of Joab, was chief of the thirty, for he put to death three hundred with his spear, but he had not a name among the three.
 και αβεσσα αδελφος ιωαβ ουτος ην αρχων των τριων ουτος εσπασατο την ρομφαιαν αυτου επι τριακοσιους τραυματίας εν καιρω ενι και ουτος ην ονομαστος εν τοις τρισιν
- 21 Se li menm ki te resewva plis lwanj nan Trant vanyan yo. Apre sa, li vin chèf yo. Men, li pa janm rive fè sa twa pi vanyan yo te fè.
Of the thirty, he was the noblest, and was made their captain, but he was not equal to the first three.
 απò των τριων υπερ τους δυο ενδοξος και ην αυτοις εις αρχοντα και εως των τριων ουκ ηρχετο
- 22 Benaja, pitit gason Jeojada a, moun lavil Kabseyèl, te pitit pitit yon vanyan sòlda. Li te fè anpil bagay ki fè wè li pa t' manke kouraj. Se li menm ki te touye de pitit Ariyèl yo, moun lavil Moab. Yon jou, lanèj t'ap tonbe, li desann nan yon sitèn dlo al touye yon lyon.
Benaiah, the son of Jehoiada, a fighting-man of Kabzeel, had done great acts; he put to death two young lions going into their secret place; and he went down into a hole and put a lion to death in time of snow.
 και βαναιας υιός ιωδαε υιός ανδρος δυνατου πολλα εργα αυτου υπερ καβασαηλ ουτος επαταξεν τους δυο αριηλ μωαβ και ουτος κατεβη και επαταξεν τον λεοντα εν τφ λακκφ εν ημερα χιονος
- 23 Li touye tou yon moun peyi Lejip, yon gwo potirik gason sèt pye sis pous wotè, ki te gen yon gwo frenn nan men li. Frenn lan te gen yon manch menm gwo ak yon gwo mach pilon. Benaja menm al atake li ak yon baton ase. Li wete lans lan nan men moun peyi Lejip la, epi li touye l' avè l'.
And he made an attack on an Egyptian, a very tall man about five cubits high, armed with a spear like a cloth-worker's rod; he went down to him with a stick, and pulling his spear out of the hand of the Egyptian, put him to death with that same spear.
 και ουτος επαταξεν τον ανδρα τον αιγυπτιον ανδρα ορατον πεντάπηχον και εν χειρι του αιγυπτιου δору ως αντιον υφαινοντων και κατεβη επ' αυτον βαναιας εν ραβδφ και αφειλατο εκ της χειρος του αιγυπτιου τò δору και απεκτεινεν αυτον εν τφ δόρατι αυτου
- 24 Men sa Benaja, pitit gason Jeojada a, te fè. Se konsa, tout moun t'ap nonmen non l' nan gwoup Trant Vanyan yo.
These were the acts of Benaiah, the son of Jehoiada, who had a great name among the thirty men of war.
 ταυτα εποιησεν βαναιας υιός ιωδαε και τουτφ ονομα εν τοις τρισιν τοις δυνατοις
- 25 Se non li yo t'ap nonmen pi plis nan Trant Vanyan yo. Apre sa, li vin chèf yo. Men, li pa t' janm rive fè sa twa pi vanyan yo te fè. David te mete l' nan gad kò li.
He was honoured over the thirty, but he was not equal to the first three: and David put him over his servants.
 υπερ τους τριακοντα ενδοξος ουτος και προς τους τρεις ουκ ηρχετο και κατεστησεν αυτον δαυιδ επι την πατριαν αυτου
- 26 Men non lòt vanyan sòlda yo: Asayèl, frè Joab la, Elanan, pitit gason Dodo, moun lavil Betleyèm.
And these were the great men of war: Asahel, the brother of Joab, Elhanan, the son of Dodo of Beth-lehem,
 και δυνατοι των δυναμεων ασαηλ αδελφος ιωαβ ελεαναν υιός δωδω εκ βαιθλαεμ
- 27 Chamòt, moun lavil Awòd, Elèz, moun lavil Palon,
Shammoth the Harodite, Helez the Pelonite,
 σαμμωθ ο αδι χελλης ο φελωνι
- 28 Ira, pitit gason Ikèch, moun lavil Tekoa, Abyezè, moun lavil Anatòt,
Ira, the son of Ikesh the Tekoite, Abiezer the Anathothite,
 ωραι υιός εκκης ο θεκωι αβιεζερ ο αναθωθι
- 29 Sibekayi, moun lavil Oucha, Ilayi, moun lavil Awoya,
Sibbecai the Hushathite, Ilai the Ahoite,
 σοβοχαι ο ασωθι ηλι ο αχωι

- 30 Marayi, moun lavil Netofa, Elèb, pitit gason Bana, moun lavil Netofa,
Maharai the Netophathite, Heled, the son of Baanah the Netophathite,
 μοοραι ὁ νετωφαθι χολοδ υἱὸς νοοζα ὁ νετωφαθι
- 31 Itayi, pitit gason Ribayi, moun lavil Gibeya nan pòsyon tè ki pou branch fanmi Benjamen yo, Benaja, moun lavil Piraton,
Ithai, the son of Ribai of Gibeah, of the children of Benjamin, Benaiah the Pirathonite,
 αιθι υἱὸς ριβαι ἐκ βουνοῦ βενιαμιν βαναιας ὁ φαραθωνι
- 21 Antou Woboram te gen dizwit madan marye ak swasant fanm kay. Li fè venntwit pitit gason ak swasant pitit fi. Nan tout madan marye li yo ak fanm kay li yo, se Maka, pitit fi Absalon an, li te pi renmen.
Maacah, the daughter of Absalom, was dearer to Rehoboam than all his wives and his servant-wives: (for he had eighteen wives and sixty servant-wives, and was the father of twenty-eight sons and sixty daughters.)
καὶ ἠγάπησεν ροβοαμ τὴν μααχαν θυγατέρα αβεσσαλωμ ὑπὲρ πάσας τὰς γυναῖκας αὐτοῦ καὶ τὰς παλλακὰς αὐτοῦ ὅτι γυναῖκας δέκα ὀκτὼ εἶχεν καὶ παλλακὰς τριάκοντα καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς εἴκοσι ὀκτὼ καὶ θυγατέρας ἐξήκοντα
- 22 Konsa tou, li te pito Abija, pitit gason Maka te fè pou li a, pase tout lòt pitit li yo. Li mete l' chèf tout frè l' yo. Li te vle se li ki pou pran plas li lè li mourì.
Rehoboam made Abijah, the son of Maacah, chief and ruler among his brothers, for it was his purpose to make him king.
καὶ κατέστησεν εἰς ἄρχοντα ροβοαμ τὸν αβια τὸν τῆς μααχα εἰς ἠγοούμενον ἐν τοῖς ἀδελφοῖς αὐτοῦ ὅτι βασιλεῦσαι διενοεῖτο αὐτόν
- 23 Li te fè lide bay chak pitit gason l' yo yon reskonsablite. Se konsa, li voye yo al rete toupatou nan peyi Jida ak nan peyi Benjamen, nan tout lavil li te ranfòse yo, li ba yo pwovizyon an kantite epi li marye yo ak anpil fanm.
And in his wisdom he had his sons stationed in every walled town through all the lands of Judah and Benjamin; and he gave them a great store of food, and took wives for them.
καὶ ἠὲξήθη παρὰ πάντας τοὺς υἱοὺς αὐτοῦ ἐν πᾶσιν τοῖς ὀρίοις ἰουδα καὶ βενιαμιν καὶ ἐν ταῖς πόλεσιν ταῖς ὄχυραῖς καὶ ἔδωκεν αὐταῖς τροφὰς πλῆθος πολὺ καὶ ἠτήσατο πλῆθος γυναικῶν
- 1 ¶ Lè Woboram fin chita gouvènman li byen chita, lè li santi li te fò, li pa mache dapre lalwa Seyè a ankò. Lèfini, tout pèp Izrayèl la fè menm jan an tou.
Now when Rehoboam's position as king had been made certain, and he was strong, he gave up the law of the Lord, and all Israel with him.
καὶ ἐγένετο ὡς ἠτοιμάσθη ἡ βασιλεία ροβοαμ καὶ ὡς κατεκρατήθη ἐγκατέλιπεν τὰς ἐντολὰς κυρίου καὶ πᾶς ἰσραηλ μετ' αὐτοῦ
- 2 Paske moun yo te vire do bay Seyè a, Chichak, wa peyi Lejip la, moute vin atake lavil Jerizalèm nan senkyèm lanne rèy wa Woboram,3 avèk mildesan (1.200) cha lagè, swasantmil (60.000) kavalye ak yon kantite sòlda moun pa t' ka konte ki te moute avè l' sotì nan peyi Lejip. Te gen moun peyi Libi, moun peyi Soukit ak moun peyi Letiopi nan lame a.
Now in the fifth year of King Rehoboam, Shishak, king of Egypt, came up against Jerusalem, because of their sin against the Lord,
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ πέμπτῳ ἔτει τῆς βασιλείας ροβοαμ ἀνέβη σουσακιμ βασιλεὺς αἰγύπτου ἐπὶ ἱερουσαλημ ὅτι ἡμαρτον ἐναντίον κυρίου
- 4 Li pran tout lavil ak gwo ranpa peyi Jida yo, jouk li rive lavil Jerizalèm.
And he took the walled towns of Judah, and came as far as Jerusalem.
καὶ κατεκράτησαν τῶν πόλεων τῶν ὄχυρῶν αἱ ἦσαν ἐν ἰουδα καὶ ἦλθεν εἰς ἱερουσαλημ
- 5 Chichak t'ap pwoche sou lavil la, lè Chemaya, pwofèt la, al jwenn Woboram ak tout chèf peyi Jida yo ki te reyini lavil la, li di yo konsa: -Men sa Seyè a voye di nou. Menm jan nou te lage m' lan, se konsa m'ap lage nou tou nan men Chichak.
Now Shemaiah the prophet came to Rehoboam and the chiefs of Judah, who had come together in Jerusalem because of Shishak, and said to them, The Lord has said, Because you have given me up, I have given you up into the hands of Shishak.
καὶ σαμιας ὁ προφήτης ἦλθεν πρὸς ροβοαμ καὶ πρὸς τοὺς ἄρχοντας ἰουδα τοὺς συναχθέντας εἰς ἱερουσαλημ ἀπὸ προσώπου σουσακιμ καὶ εἶπεν αὐτοῖς οὕτως εἶπεν κύριος ὑμεῖς ἐγκατελίπετέ με καὶ ὁ ἐγκαταλείψω ὑμᾶς ἐν χειρὶ σουσακιμ
- 6 Wa a ansanm ak chèf yo rekonèt yo te fè sa ki mal: -Seyè a gen rezon l' nan pla men l'!
Then the chiefs of Israel and the king made themselves low and said, The Lord is upright.
καὶ ἠσχύνθησαν οἱ ἄρχοντες ἰσραηλ καὶ ὁ βασιλεὺς καὶ εἶπαν δίκαιος ὁ κύριος
- 7 Lè Seyè a wè jan yo rekonèt tò yo, li pale ak Chemaya ankò, li di l' konsa: -Paske yo rekonèt yo pa t' dwe fè sa yo fè a, mwen p'ap detwi yo nèt. Men, lè Chichak va atake, m'ap ba yo chans pou yo chape kò yo. Mwen p'ap sèvi ak Chichak pou m' fè moun lavil Jerizalèm yo santi jan m' fache sou yo.
And the Lord, seeing that they had made themselves low, said to Shemaiah, They have made themselves low: I will not send destruction on them, but in a short time I will give them salvation, and will not let loose my wrath on Jerusalem by the hand of Shishak.
καὶ ἐν τῷ ἰδεῖν κύριον ὅτι ἐνετράπησαν καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς σαμιαμ λέγων ἐνετράπησαν οὐ καταφθερῶ αὐτούς καὶ δώσω αὐτούς ὡς μικρὸν εἰς σωτηρίαν καὶ οὐ μὴ στάξῃ ὁ θυμὸς μου ἐν ἱερουσαλημ
- 8 Men, Chichak pral fè yo soumèt devan l'. Lè sa a, y'a wè sèvi m' ak sèvi chèf sou latè sa ki pi dous.
But still they will become his servants, so that they may see how different my yoke is from the yoke of the kingdoms of the lands.
ὅτι ἔσονται εἰς παῖδας καὶ γνώσονται τὴν δουλείαν μου καὶ τὴν δουλείαν τῆς βασιλείας τῆς γῆς
- 9 Wa Chichak atake lavil Jerizalèm. Li pran tout trezò ki te nan Tanp lan ak nan palè wa a. Li pran ata gwo plak pwotèj an lò Salomon te fè fè yo.
So Shishak, king of Egypt, came up against Jerusalem and took away all the stored wealth of the house of the Lord and the king's house: he took everything away, and with the rest the gold body-covers which Solomon had made.
καὶ ἀνέβη σουσακιμ βασιλεὺς αἰγύπτου καὶ ἔλαβεν τοὺς θησαυροὺς τοὺς ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ τοὺς θησαυροὺς τοὺς ἐν οἴκῳ τοῦ βασιλέως τὰ πάντα ἔλαβεν καὶ ἔλαβεν τοὺς θυρεοὺς τοὺς χρυσοῦς οὓς ἐποίησεν σαλωμων

- 10 Wa Woboram fè fè lòt gwo plak pwotèj an kwiv fwa sa a pou mete nan plas yo. Lèfini, li renmèt yo nan men chèf gad ki t'ap fè pòs nan pòtay palè a.
And in their place King Rehoboam had other body-covers made of brass and gave them into the care of the captains of the armed men who were stationed at the door of the king's house.
 και ἐποίησεν ροβοαμ θυρεοὺς χαλκοῦς ἀντ' αὐτῶν και κατέστησεν ἐπ' αὐτὸν σουσακιμ ἄρχοντας παρατρεχόντων τοὺς φυλάσσοντας τὸν πυλῶνα τοῦ βασιλέως
- 11 Chak fwa wa a t'ap antre nan Tanp lan, chèf gad yo al pran gwo plak pwotèj yo pote vini. Lè li ale, yo pote yo tounen nan chanm gad yo.
And whenever the king went into the house of the Lord, the armed men went with him taking the body-covers, and then took them back to their room.
 και ἐγένετο ἐν τῷ εἰσελθεῖν τὸν βασιλέα εἰς οἶκον κυρίου εἰσεπορεύοντο οἱ φυλάσσοντας και οἱ παρατρεχόντες και οἱ ἐπιστρέφοντας εἰς ἀπάντησιν τῶν παρατρεχόντων
- 12 Paske Woboram te rekonèt li pa t' dwe fè sa l' te fè a devan Seyè a, kòlè Seyè a bese, li pa fini nèt avè l'. Men pou di vre, te gen bon bagay ki te pase nan peyi Jida lè sa a tou.
And when he made himself low, the wrath of the Lord was turned back from him, and complete destruction did not come on him, for there was still some good in Judah.
 και ἐν τῷ ἐντραπήναι αὐτὸν ἀπεστράφη ἀπ' αὐτοῦ ὀργή κυρίου και οὐκ εἰς καταθορὰν εἰς τέλος και γὰρ ἐν ἰουδα ἦσαν λόγοι ἀγαθοί
- 13 ¶ Woboram te gouvènen lavil Jerizalèm, li chita otorite l' byen chita. Woboram te gen karanteyennan lè li vin wa peyi Jida. Li gouvènen pandan disètan lavil Jerizalèm, lavil Seyè a te chwazi nan tout peyi Izrayèl pou anplasanman kote pou yo fè sèvis pou li a. Manman Woboram te moun lavil Amon. Li te rele Nama.
So King Rehoboam made himself strong in Jerusalem and was ruling there. Rehoboam was forty-one years old when he became king, and he was ruling for seventeen years in Jerusalem, the town which the Lord had made his out of all the tribes of Israel, to put his name there; and his mother's name was Naamah, an Ammonite woman.
 και κατίσχυσεν ροβοαμ ἐν ἱερουσαλημ και ἐβασίλευσεν και τεσσαράκοντα και ἐνὸς ἐτῶν ροβοαμ ἐν τῷ βασιλεύσει αὐτὸν και ἑπτακαίδεκα ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλημ ἐν τῇ πόλει ἣ ἐξελέξατο κύριος ἐπονομάσαι τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἐκεῖ ἐκ πασῶν φυλῶν υἱῶν ἰσραηλ και ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ νοομμα ἢ αμμανίτις
- 14 Woboram te fè sa ki mal, paske li pa t' chache fè volonte Seyè a.
And he did evil because his heart was not true to the Lord.
 και ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ὅτι οὐ κατεῦθεν τὴν καρδίαν αὐτοῦ ἐκζητήσαι τὸν κύριον
- 15 Tou sa wa Woboram te fè, depi premye jou li te moute wa a rive jouk dènye jou a, nou jwenn yo ekri nan liv travay pwofèt Chemaya ak nan liv vizyon pwofèt Ido ki bay lis fanmi yo. Se te yon lagè san rete ant Woboram ak Jewoboram.
Now the acts of Rehoboam, first and last, are they not recorded in the words of Shemaiah the prophet and Iddo the seer? And there were wars between Rehoboam and Jeroboam all their days.
 και λόγοι ροβοαμ οἱ πρῶτοι και οἱ ἔσχατοι οὐκ ἰδοῦ γεγραμμένοι ἐν τοῖς λόγοις σαμια τοῦ προφήτου και ἰδοῦ τοῦ ὀρόντος και πράξεις αὐτοῦ και ἐπολέμει ροβοαμ τὸν ἱεροβοαμ πάσας τὰς ἡμέρας
- 16 Lè Woboram mouri, yo antere l' nan lavil David la. Se Abija, pitit gason li, ki pran plas li sou fotèy la.
And Rehoboam went to rest with his fathers, and was put into the earth in the town of David; and Abijah his son became king in his place.
 και ἀπέθανεν ροβοαμ και ἐτάφη μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ και ἐτάφη ἐν πόλει δαυιδ και ἐβασίλευσεν αβια υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ Jewoboram te gen dizwitannan depi li te wa peyi Izrayèl la, lè Abija moute wa nan peyi Jida.
In the eighteenth year of King Jeroboam, Abijah became king over Judah.
 ἐν τῷ ὀκτωκαίδεκάτῳ ἔτει τῆς βασιλείας ἱεροβοαμ ἐβασίλευσεν αβια ἐπὶ ἰουδα
- 2 Li gouvènen pandan twazan lavil Jerizalèm. Manman l' te rele Mikaja. Se te pitit fi Ouryèl, moun lavil Gibeya. Se te yon lagè san rete ant Abija ak Jewoboram.
He was king in Jerusalem for three years; his mother's name was Maacah, the daughter of Uriel of Gibeah. And there was war between Abijah and Jeroboam.
 ἔτη τρία ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλημ και ὄνομα τῆ μητρὸς αὐτοῦ μααχα θυγάτηρ ουριηλ ἀπὸ γαβιαων και πόλεμος ἦν ἀνά μεσον αβια και ἀνά μεσον ἱεροβοαμ
- 3 Abija leve yon lame katsanmil (400.000) vanyan sòlda ki konn goumen. Jewoboram bò pa l' kanpe pou goumen kont Abija ak witsanmil (800.000) vanyan sòlda ki konn goumen.
And Abijah went out to the fight with an army of men of war, four hundred thousand of his best men; and Jeroboam put his forces in line against him, eight hundred thousand of his best men of war.
 και παρετάξατο αβια τὸν πόλεμον ἐν δυνάμει πολεμιστῶν δυνάμεως τετρακοσίων χιλιάσιν ἀνδρῶν δυνατῶν και ἱεροβοαμ παρετάξατο πρὸς αὐτὸν πόλεμον ἐν ὀκτακοσίων χιλιάσιν δυνατοῖ πολεμιστῶν ἰ δυνάμεως
- 4 De lame yo kontre nan mòn peyi Efrayim yo. Wa Abija kanpe sou mòn Zemarayim, li pale byen fò, li di: -Koute m' non, Jewoboram ak nou tout moun peyi Izrayèl yo!
And Abijah took up his position on Mount Zemaraim, in the hill-country of Ephraim, and said, Give ear to me, O Jeroboam and all Israel:
 και ἀνέστη αβια ἀπὸ τοῦ ὄρους σομορων ὃ ἐστὶν ἐν τῷ ὄρει εφραιμ και εἶπεν ἀκούσατε ἱεροβοαμ και πᾶς ἰσραηλ
- 5 Eske se konnen nou pa konnen Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, te pase yon kontra ak David, kontra ki pa kapab kase. Dapre kontra a, li mete gouvènman pèp Izrayèl la nan men l' ak nan men fanmi l' pou tout tan.
Is it not clear to you that the Lord, the God of Israel, gave the rule over Israel to David and to his sons for ever, by an agreement made with salt?
 οὐχ ἡμῖν γινώσκει ὅτι κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ ἔδωκεν βασιλείαν ἐπὶ τὸν ἰσραηλ εἰς τὸν αἰῶνα τῷ δαυιδ και τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ διαθήκην ἁλός

- 6 Men, Jewoboram, pitit gason Nebat la, li menm ki t'ap sèvi ak Salomon, pitit David la, revòlte kont mèti li.
But Jeroboam, the son of Nebat, the servant of Solomon, the son of David, took up arms against his lord.
καὶ ἀνέστη ἱεροβοαμ ὁ τοῦ ναβατ ὁ παῖς σαλωμων τοῦ δαυιδ καὶ ἀπέστη ἀπὸ τοῦ κυρίου αὐτοῦ
- 7 Apre sa, yon bann vòryen ak yon bann vakabon al mete tèt yo ansanm ak li, yo fòse Woboram, pitit gason Salomon an, yo fè l' fè sa yo vle, paske li te jenn, li te gen tèt fèb. Li pa t' ka kenbe tèt ak yo.
And certain foolish and good-for-nothing men were joined with him, and made themselves strong against Rehoboam, the son of Solomon, when he was young and untested and not able to keep them back.
καὶ συνήχθησαν πρὸς αὐτὸν ἄνδρες λοιμοὶ υἱοὶ παράνομοι καὶ ἀντέστη πρὸς ροβοαμ τὸν τοῦ σαλωμων καὶ ροβοαμ ἦν νεώτερος καὶ δειλὸς τῆ καρδία καὶ οὐκ ἀντέστη κατὰ πρόσωπον αὐτοῦ
- 8 Koulye a, nou fè lide vin kraze otorite Seyè a te mete nan men fanmi David la, tou sa paske nou gen avèk nou yon gwo lame ak tout estati towò bèf an lò Jewoboram te fè pou sèvi nou bondye a.
And now it is your purpose to put yourselves against the authority which the Lord has put into the hands of the sons of David, and you are a very great number, and you have with you the gold oxen which Jeroboam made to be your gods.
καὶ νῦν λέγετε ὑμεῖς ἀντιστῆναι κατὰ πρόσωπον βασιλείας κυρίου διὰ χειρὸς υἱῶν δαυιδ καὶ ὑμεῖς πλῆθος πολὺ καὶ μεθ' ὑμῶν μόσχοι χρυσοῖ οὓς ἐποίησεν ὑμῖν ἱεροβοαμ εἰς θεοὺς
- 9 Nou mete prèt Seyè yo, pitit Arawon yo, deyò ansanm ak moun Levi yo, lèfini nou fè tankou lòt nasyon yo, nou chwazi moun pa nou pou sèvi prèt. Nenpòt moun ki vin jwenn nou ak yon towò bèf osinon ak sèt mouton, nou fè l' prèt bondye nou yo ki pa bondye.
And after driving out the priests of the Lord, the sons of Aaron and the Levites, have you not made priests for yourselves as the people of other lands do? so that anyone who comes to make himself priest by offering an ox or seven sheep, may be a priest of those who are no gods.
ἢ οὐκ ἐξεβάλετε τοὺς ἱερεῖς κυρίου τοὺς υἱοὺς ααρων καὶ τοὺς λευίτας καὶ ἐποιήσατε ἑαυτοῖς ἱερεῖς ἐκ τοῦ λαοῦ τῆς γῆς πᾶς ὁ προσπορευόμενος πληρῶσαι τὰς χεῖρας ἐν μόσχῳ ἐκ βοῶν καὶ κριοῖς ἐπ' αὐτὰ καὶ ἐγίνετο εἰς ἱερέα τῷ μὴ ὄντι θεῷ
- 10 Men nou menm, se Seyè a ki Bondye nou. Nou pa janm vire do ba li. Prèt k'ap sèvi devan Seyè a se fanmi Arawon yo ye. Moun ki reskonsab sèvis yo se moun Levi yo ye.
But as for us, the Lord is our God, and we have not been turned away from him; we have priests who do the work of the Lord, even the sons of Aaron and the Levites in their places;
καὶ ἡμεῖς κύριον τὸν θεὸν ἡμῶν οὐκ ἐγκατελίπομεν καὶ οἱ ἱερεῖς αὐτοῦ λειτουργοῦσιν τῷ κυρίῳ οἱ υἱοὶ ααρων καὶ οἱ λευῖται ἐν ταῖς ἐφημερίαις αὐτῶν
- 11 Chak maten, chak aswè, y'ap ofri bèt yo boule nèt pou Seyè a ansanm ak lansan. Yo mete pen ki apa pou Bondye yo sou yon tab ki nan kondisyon pou sèvis Bondye. Chak aswè, yo limen lanp ki sou gwo lanp sèt branch lan. Nou fè tou sa Seyè a ban nou lòd fè. Men, nou menm moun peyi Izrayèl, nou vire do ba li.
By whom burned offerings and perfumes are sent up in smoke before the Lord every morning and every evening; and they put out the holy bread on its table and the gold support for the lights with its lights burning every evening; for we keep the orders given to us by the Lord our God, but you have gone away from him.
θυμῶσιν τῷ κυρίῳ ὀλοκαυτώματα πρωὶ καὶ δεῖλης καὶ θυμίαμα συνθέσεως καὶ προθέσεις ἄρτων ἐπὶ τῆς τραπέζης τῆς καθαρᾶς καὶ ἡ λυχνία ἡ χρυσοῆ καὶ οἱ λυχνιοὶ τῆς καύσεως ἀνάψαι δεῖλης ὅτι φυλάσσομεν ἡμεῖς τὰς φυλακὰς κυρίου τοῦ θεοῦ τῶν πατέρων ἡμῶν καὶ ὑμεῖς ἐγκατελίπετε αὐτόν
- 12 Se Bondye menm ki alatèt nou avèk prèt li yo. Yo tou pare pou kònen twonpèt yo pou bay siyal mache pran nou. Se poutèt sa, nou menm moun peyi Izrayèl yo, pa fè lagè ak Seyè a, Bondye zansèt nou yo. Paske se nou k'ap anba.
And now God is with us at our head, and his priests with their loud horns sounding against you. O children of Israel, do not make war on the Lord, the God of your fathers, for it will not go well for you.
καὶ ἰδοὺ μεθ' ἡμῶν ἐν ἀρχῇ κύριος καὶ οἱ ἱερεῖς αὐτοῦ καὶ αἱ σάλπιγγες τῆς σημασίας τοῦ σημαίνειν ἐφ' ὑμᾶς οἱ υἱοὶ τοῦ ἰσραηλ πολεμήσατε πρὸς κύριον θεὸν τῶν πατέρων ἡμῶν ὅτι οὐκ εὐδοθήσατε αὐτοῖς
- 13 ¶ Jewoboram fè sòlda ki te dèyè yo fè yon detou al pase dèyè lame moun peyi Jida yo. Konsa, pifò sòlda li yo te kanpe sou devan lame moun Jida yo, ak yon bon valè sòlda li yo sou dèyè yo.
But Jeroboam had put some of his men to make a surprise attack on them from the back, so some were facing Judah and others were stationed secretly at their back.
καὶ ἱεροβοαμ ἀπέστρεψεν τὸ ἔνεδρον ἐλθεῖν αὐτῶν ἐκ τῶν ὀπισθεν καὶ ἐγένετο ἔμπροσθεν ἰουδα καὶ τὸ ἔνεδρον ἐκ τῶν ὀπισθεν
- 14 Lè moun peyi Jida yo voye je alawonn, yo wè yo te sènen sou devan ak sou dèyè, yo rele mande Seyè a sekou. Prèt yo menm pran kònen twonpèt yo.
And Judah, turning their faces, saw that they were being attacked in front and at the back; and they gave a cry for help to the Lord, while the priests were sounding their horns.
καὶ ἀπέστρεψεν ἰουδας καὶ ἰδοὺ αὐτοῖς ὁ πόλεμος ἐκ τῶν ἔμπροσθεν καὶ ἐκ τῶν ὀπισθεν καὶ ἐβόησαν πρὸς κύριον καὶ οἱ ἱερεῖς ἐσάλπισαν ταῖς σάλπιγγιν
- 15 Moun Jida yo bay yon sèl rèl byen fò, epi yo atake. Bondye fè Jewoboram ak tout lame moun Izrayèl yo pèdi devan Abija ak moun Jida yo.
And the men of Judah gave a loud cry; and at their cry, God put fear into Jeroboam and all Israel before Abijah and Judah.
καὶ ἐβόησαν ἄνδρες ἰουδα καὶ ἐγένετο ἐν τῷ βοᾶν ἄνδρας ἰουδα καὶ κύριος ἐπάταξεν τὸν ἱεροβοαμ καὶ τὸν ἰσραηλ ἐναντίον αβια καὶ ἰουδα
- 16 Moun Izrayèl yo pran kouri pou moun Jida yo, Bondye lage yo nan men moun Jida yo.
And the children of Israel went in flight before Judah, and God gave them up into their hands.
καὶ ἔφυγον οἱ υἱοὶ ἰσραηλ ἀπὸ προσώπου ἰουδα καὶ παρέδωκεν αὐτοὺς κύριος εἰς τὰς χεῖρας αὐτῶν

- 17 Abija ak sòlda li yo touye yon pakèt ladan yo. Yo touye senksanmil (500.000) nan pi bon sòlda lame pèp Izrayèl la.
And Abijah and his people put them to death with great destruction: five hundred thousand of the best of Israel were put to the sword.
καὶ ἐπάταξεν ἐν αὐτοῖς αβια καὶ ὁ λαὸς αὐτοῦ πληγὴν μεγάλην καὶ ἔπεσον τραυματῖαι ἀπὸ ἰσραὴλ πεντακόσιοι χιλιάδες ἄνδρες δυνατοί
- 18 Se konsa moun peyi Izrayèl yo soti wont nan batay la, men moun peyi Jida yo soti pi fò, paske se sou Seyè a, Bondye zansèt yo a, yo te apiye.
So at that time the children of Israel were overcome, and the children of Judah got the better of them, because they put their faith in the Lord, the God of their fathers.
καὶ ἐταπεινώθησαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ κατίσχυσαν οἱ υἱοὶ ἰουδα ὅτι ἤλπισαν ἐπὶ κύριον θεὸν τῶν πατέρων αὐτῶν
- 19 Abija kouri dèyè Jewoboram, li pran lavil Betèl, lavil Jesana ak lavil Efwon ansanm ak tout ti bouk ki te sou kont yo.
And Abijah went after Jeroboam and took some of his towns, Beth-el with its small towns and Jeshanah with its small towns and Ephron with its small towns.
καὶ κατεδίωξεν αβια ὀπίσω ιεροβοαμ καὶ προκατελάβετο παρ' αὐτοῦ πόλεις τὴν βαιθηλ καὶ τὰς κόμας αὐτῆς καὶ τὴν ἰσανα καὶ τὰς κόμας αὐτῆς καὶ τὴν εφρον καὶ τὰς κόμας αὐτῆς
- 20 Jewoboram pa janm pran pye ankò pandan tout rèy Abija. Bout pou bout, Seyè a frape l', li mourì.
And Jeroboam did not get back his power again in the life-time of Abijah; and the Lord sent death on him.
καὶ οὐκ ἔσχεν ἰσχὺν ιεροβοαμ ἐτι πάσας τὰς ἡμέρας αβια καὶ ἐπάταξεν αὐτὸν κύριος καὶ ἐτελεύτησεν
- 21 Abija menm te vin pi fò toujou, li te gen katòz fanm ki te fè vennde pitit gason ak sèz pitit fi pou li.
But Abijah became great, and had fourteen wives, and became the father of twenty-two sons and sixteen daughters.
καὶ κατίσχυσεν αβια καὶ ἔλαβεν ἑαυτῷ γυναῖκας δέκα τέσσαρας καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς εἴκοσι δύο καὶ θυγατέρας δέκα ἕξ
- 22 Tout rèz istwa Abija a, tou sa li te fè ak tou sa li te di, nou jwenn yo nan liv istwa pwofèt Ido te ekri a.
And the rest of the acts of Abijah, and his ways and his sayings, are recorded in the account of the prophet Iddo.
καὶ οἱ λοιποὶ λόγοι αβια καὶ αἱ πράξεις αὐτοῦ καὶ οἱ λόγοι αὐτοῦ γεγραμμένοι ἐπὶ βιβλίῳ τοῦ προφήτου ἰδδο
- 1 ¶ Lè Abija mourì, yo antere l' lavil David la. Se Asa, pitit gason li, ki moute wa nan plas li. Sou rèy Asa, peyi a viv ak kè poze pandan dizan.
So Abijah went to rest with his fathers, and they put him into the earth in the town of David, and Asa his son became king in his place; in his time the land was quiet for ten years.
καὶ ἐποίησεν τὸ καλὸν καὶ τὸ εὐθὲς ἐνώπιον κυρίου θεοῦ αὐτοῦ
- 2 Asa te fè sa ki byen ak sa ki dwat devan Seyè a, Bondye l' la.
And Asa did what was good and right in the eyes of the Lord his God;
καὶ ἀπέστησεν τὰ θυσιαστήρια τῶν ἀλλοτρίων καὶ τὰ ὑψηλὰ καὶ συνέτριψεν τὰ στήλας καὶ ἐξέκοψεν τὰ ἄλση
- 3 Li fè disparèt tout lotèl yo te bati pou bondye lòt nasyon yo ak tout kote yo te konn fè sèvis pou yo. Li fè kraze zidòl yo, li koupe estati Achera yo voye jete.
For he took away the altars of strange gods and the high places, and had the upright stones broken and the wood pillars cut down;
καὶ εἶπεν τῷ ἰουδα ἐκζητῆσαι τὸν κύριον θεὸν τῶν πατέρων αὐτῶν καὶ ποιῆσαι τὸν νόμον καὶ τὰς ἐντολάς
- 4 Li bay tout moun Jida yo lòd pou yo mache dapre volonte Seyè a, Bondye zansèt yo a, pou yo fè tou sa ki nan lalwa ak nan kòmandman Bondye yo.
And he made Judah go after the Lord, the God of their fathers, and keep his laws and his orders.
καὶ ἀπέστησεν ἀπὸ πασῶν τῶν πόλεων ἰουδα τὰ θυσιαστήρια καὶ τὰ εἰδωλα καὶ εἰρήνευσεν
- 5 Li fè disparèt tout kote yo te konn fè sèvis pou lòt bondye yo ansanm ak lotèl pou boule lansan pou yo nan dènve lavil nan peyi Jida a. Se konsa, pandan tout rèy li, peyi a t'ap viv ak kè poze.
And he took away the high places and the sun-images from all the towns of Judah; and the kingdom was quiet under his rule.
πόλεις τειχήρεις ἐν γῆ ἰουδα ὅτι εἰρήνευσεν ἡ γῆ καὶ οὐκ ἦν αὐτῷ πόλεμος ἐν τοῖς ἔτεσιν τούτοις ὅτι κατέπαυσεν αὐτῷ κύριος
- 6 Pandan tout tan sa a, peyi a pa t' nan dezòd, ni li pa t' nan fè lagè ak pesonn, paske Seyè a te ba li chans viv ak kè poze. Wa a pwofite tout tan sa yo, li bati gwo ranpa pou pwoteje lavil peyi Jida yo.
He made walled towns in Judah, for the land was quiet and there were no wars in those years, because the Lord had given him rest.
καὶ εἶπεν τῷ ἰουδα οἰκοδομήσωμεν τὰς πόλεις ταύτας καὶ ποιήσωμεν τείχη καὶ πύργους καὶ πύλας καὶ μοχλοὺς ἐν ᾧ τῆς γῆς κυριεύσωμεν ὅτι καθὼς ἐξεζήτησαμεν κύριον θεὸν ἡμῶν ἐξεζήτησεν ἡμᾶς καὶ κατέπαυσεν ἡμᾶς κυκλόθεν καὶ εὐδόωσεν ἡμῖν
- 7 Li di moun peyi Jida yo: -Annu ranfòse defans lavil yo! Annu bati miray ranpa ak fò pou pwoteje yo ak pòtay solid ak gwo ba pou fèmen yo. Peyi a nan men nou toujou, paske nou te fè volonte Seyè a, Bondye nou an. Se li menm ki pwoteje nou, li fè nou viv byen san kont ak tout vwazen nou yo. Se konsa yo mete men nan travay la jouk yo fini l'.
He said to Judah, Let us make these towns, building walls round them with towers and doors and locks. The land is still ours, because we have been true to the Lord our God; we have been true to him and he has given us rest on every side. So they went on building and all went well for them.
καὶ ἐγένετο τῷ ἰουδα δύνάμεις ὀπλοφόρων αἰρόντων θυρεοὺς καὶ δόρατα ἐν γῆ ἰουδα τριακόσιοι χιλιάδες καὶ ἐν γῆ βενιαμιν πελτασταὶ καὶ τοξόται διακόσιοι καὶ πεντήκοντα χιλιάδες πάντες οὗτοι πολεμισταὶ δυνάμειος

- 8 Wa Asa te gen yon gwo lame. Nan lame a te gen twasanmil (300.000) sòlda moun branch fanmi Jida ki te gen plak pwotèj ak frenn, plis desankatreven mil (280.000) sòlda moun branch fanmi Benjamen ki te gen plak pwotèj ak banza pou voye flèch. Yo tout te vanyan sòlda.
And Asa had an army of three hundred thousand men of Judah armed with body-covers and spears, and two hundred and eighty thousand of Benjamin armed with body-covers and bows; all these were men of war.
καὶ ἐξῆλθεν ἐπ' αὐτοὺς ζαρε ὁ αἰθίοψ ἐν δυνάμει ἐν χιλιάσι χιλιάσιν καὶ ἄρμασιν τριακοσίοις καὶ ἦλθεν ἕως μαρισα
- 9 ¶ Yon moun peyi Letiopi yo te rele Zera vin anvayi peyi Jida ak yon lame ki te gen yon milyon sòlda ansanm ak twasan (300) cha lagè. Yo vanse jouk lavil Marecha.
And Zerah the Ethiopian, with an army of a million, and three hundred war-carriages, came out against them to Maresah.
καὶ ἐξῆλθεν ασα εἰς συνάντησιν αὐτῷ καὶ παρετάξατο πόλεμον ἐν τῇ φάραγγι κατὰ βορρᾶν μαρισης
- 10 Asa sotif ak lame pa l' la al kontre avè l'. De lame yo pran pozisyon nan fon Zefata a, toupre Marecha.
And Asa went out against him, and they put their forces in position in the valley north of Maresah.
καὶ ἐβόησεν ασα πρὸς κύριον θεὸν αὐτοῦ καὶ εἶπεν κύριε οὐκ ἄδυναται παρὰ σοὶ σῶζειν ἐν πολλοῖς καὶ ἐν ὀλίγοις κατίσχυσον ἡμᾶς κύριε ὁ θεὸς ἡμῶν ὅτι ἐπὶ σοὶ πεποιθήαμεν καὶ ἐπὶ τῷ ὀνόματί σου ἢ λθαμεν ἐπὶ τὸ πλῆθος τὸ πολὺ τοῦτο κύριε ὁ θεὸς ἡμῶν μὴ κατισχυσάτω πρὸς σὲ ἄνθρωπος
- 11 Asa lapriyè Seyè a, Bondye li a, li di l' konsa: -Bondye sèl Mèt, kit w'ap ede yon gwo, kit w'ap ede yon piti, pou ou se menm bagay la. Tanpri, vin ede nou koulye a, Seyè, Bondye nou an, paske se sou ou nou konte. Se nan non ou nou vin goumen ak bann moun sa yo. Seyè, se ou menm ki Bondye nou. Fè wè pesonn pa ka kenbe tèt avè ou!
And Asa made prayer to the Lord his God and said, Lord, you only are able to give help against the strong to him who has no strength; come to our help, O Lord our God, for our hope is in you, and in your name we have come out against this great army. O Lord, you are our God; let not man's power be greater than yours.
καὶ ἐπάταξεν κύριος τοὺς αἰθίοπας ἐναντίον ἰουδα καὶ ἔφυγον οἱ αἰθίοπες
- 12 Se konsa, Seyè a fè Asa ak lame peyi Jida a bat lame Letiopi a. Lame Letiopi a kouri met deyò.
So the Lord sent fear on the Ethiopians before Asa and Judah; and the Ethiopians went in flight.
καὶ κατεδίωξεν ασα καὶ ὁ λαὸς αὐτοῦ ἕως γεδωρ καὶ ἔπεσον αἰθίοπες ὥστε μὴ εἶναι ἐν αὐτοῖς περιποίησιν ὅτι συνετριβήσαν ἐνώπιον κυρίου καὶ ἐναντίον τῆς δυνάμεως αὐτοῦ καὶ ἐσκύλευσαν σκῦλα πολλὰ
- 13 Men Asa ak sòlda li yo kouri dèyè yo jouk lavil Gera. Yo touye sòlda lame Letiopi yo, yo pa kite yonn ladan yo chape. Seyè a te kraze yo tout ak lame li a. Lame a pran yon pakèt bagay lènmi yo te kite.
And Asa and the people who were with him went after them as far as Gerar; and so great was the destruction among the Ethiopians that they were not able to get their army together again, for they were broken before the Lord and before his army; and they took away a great amount of their goods.
καὶ ἐξέκοψαν τὰς κόμας αὐτῶν κύκλω γεδωρ ὅτι ἐγενήθη ἔκστασις κυρίου ἐπ' αὐτούς καὶ ἐσκύλευσαν πάσας τὰς πόλεις αὐτῶν ὅτι πολλὰ σκῦλα ἐγενήθη αὐτοῖς
- 14 Lèfini, yo detwi tout ti bouk ki te nan zòn Gera a, paske moun la yo te pè Seyè a anpil. Lame Jida a piye lavil yo. Yo pote anpil anpil bagay ale paske moun sa yo te gen anpil byen.
And they overcame all the towns round Gerar, because the Lord sent fear on them; and they took away their goods from the towns, for there were stores of wealth in them.
καὶ γε σκηνὰς κτήσεων τοὺς αμαζονεῖς ἐξέκοψαν καὶ ἔλαβον πρόβατα πολλὰ καὶ καμήλους καὶ ἐπέστρεψαν εἰς ἱερουσαλημ
- 1 ¶ Lespri Bondye te desann sou Azarya, pitit Obèd.
And the spirit of God came on Azariah, the son of Oded;
καὶ αζαριας υἱὸς ὠδηδ ἐγένετο ἐπ' αὐτὸν πνεῦμα κυρίου
- 2 Azarya sotif al kontre wa Asa, li di l' konsa: -Koute sa m'ap di nou, ou menm Asa ansanm ak tout moun fanmi Jida ak fanmi Benjamen yo! Seyè a ap kanpe ak nou si nou menm tou nou kanpe avè l'. Si nou chache l', l'ap kite nou jwenn li. Men, si nou vire do ba li, l'ap vire do ban nou tou.
And he came face to face with Asa and said to him, Give ear to me, Asa and all Judah and Benjamin: the Lord is with you while you are with him; if your heart's desire is for him, he will be near you, but if you give him up, he will give you up.
καὶ ἐξῆλθεν εἰς ἀπάντησιν ασα καὶ παντὶ ἰουδα καὶ βενιαμιν καὶ εἶπεν ἀκούσατέ μου ασα καὶ πᾶς ἰουδα καὶ βενιαμιν κύριος μεθ' ὑμῶν ἐν τῷ εἶναι ὑμᾶς μετ' αὐτοῦ καὶ ἐὰν ἐκζητήσητε αὐτὸν εὐρεθήσεται ὑμῖν καὶ ἐὰν ἐγκαταλίπητε αὐτὸν ἐγκαταλείψει ὑμᾶς
- 3 Pandan lontan, pèp Izrayèl la t'ap viv san Bondye tout bon an, san prèt pou moutre yo sa pou yo fè, san lalwa Bondye a.
Now for a long time Israel has been without the true God, and without a teaching priest and without the law;
καὶ ἡμέραι πολλὰ τῷ ἰσραηλ ἐν οὐ θεῷ ἀληθινῷ καὶ οὐχ ἱερέως ὑποδεικνόντος καὶ ἐν οὐ νόμῳ
- 4 Men, lè malè tonbe sou yo, yo tounen nan pye Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la. Yo chache l', li kite yo jwenn li.
But when in their trouble they were turned to the Lord, the God of Israel, searching after him, he let their search be rewarded.
καὶ ἐπιστρέφει ἐπὶ κύριον θεὸν ἰσραηλ καὶ εὐρεθήσεται αὐτοῖς

- 5 Nan tan sa yo, pesonn pa t' ka okipe zafè yo ak kè poze, paske te gen gwo dezòd pou tout moun nan tout peyi.
In those times there was no peace for him who went out or for him who came in, but great trouble was on all the people of the lands.
καὶ ἐν ἐκείνῳ τῷ καιρῷ οὐκ ἔστιν εἰρήνη τῷ ἐκπορευομένῳ καὶ τῷ εἰσπορευομένῳ ὅτι ἔκστασις κυρίου ἐπὶ πάντας τοὺς κατοικοῦντας τὰς χώρας
- 6 Nasyon t'ap kraze nasyon, yon lavil t'ap detwi yon lòt lavil, paske Bondye te lage tout kalite malè sou yo.
And they were broken by divisions, nation against nation and town against town, because God sent all sorts of trouble on them.
καὶ πολέμησει ἔθνος πρὸς ἔθνος καὶ πόλις πρὸς πόλιν ὅτι ὁ θεὸς ἐξέστησεν αὐτοὺς ἐν πάσῃ θλίψει
- 7 Men nou menm, mete gason sou nou! Pa dekouraje, paske n'ap jwenn rekonpans travay nou.
But be you strong and let not your hands be feeble, for your work will be rewarded.
καὶ ὑμεῖς ἰσχύσατε καὶ μὴ ἐκλυέσθωσαν αἱ χεῖρες ὑμῶν ὅτι ἔστιν μισθὸς τῇ ἐργασίᾳ ὑμῶν
- 8 ¶ Lè Asa tande mesaj pitit Obèd la te bay nan non Bondye, li pran kouraj. Li fè yo wete dènye vye zidòl ki te nan peyi moun Jida yo ak nan peyi moun Benjamen yo, ansanm ak tout zidòl ki te nan lavil li te pran nan zòn mòn Efrayim yo. Li repare lotèl Seyè a ki te kanpe nan lakou devan gwo pyès Tanp Seyè a.
And Asa, hearing these words of Azariah, the son of Oded the prophet, took heart and put away all the disgusting things out of all the land of Judah and Benjamin, and out of the towns which he had taken from the hill-country of Ephraim; and he made new again the altar of the Lord in front of the covered way of the Lord's house.
καὶ ἐν τῷ ἀκοῦσαι τοὺς λόγους τούτους καὶ τὴν προφητείαν ἀδὰδ τοῦ προφήτου καὶ κατήσχυσεν καὶ ἐξέβαλεν τὰ βδέλυγματα ἀπὸ πάσης τῆς γῆς ἰουδα καὶ βενιαμιν καὶ ἀπὸ τῶν πόλεων ὧν κατέσχευεν ἐν ὄρει εφραιμ καὶ ἐνεκαίνισεν τὸ θυσιαστήριον κυρίου ὃ ἦν ἐμπροσθεν τοῦ ναοῦ κυρίου
- 9 Anpil moun sotì toupatou nan peyi Efrayim, nan peyi Manase ak nan peyi Simeyon, yo vin jwenn Asa. Yo t'ap viv nan peyi a sou zòd li, paske yo te wè Seyè a te kanpe la avè l'. Asa reyini yo tout ansanm ak tout moun Jida yo ak moun Benjamen yo.
And he got together all Judah and Benjamin and those of Ephraim and Manasseh and Simeon who were living with them; for numbers of them came to him out of Israel when they saw that the Lord his God was with him.
καὶ ἐξεκκλησίασεν τὸν ἰουδαν καὶ βενιαμιν καὶ τοὺς προσηλύτους τοὺς παροικοῦντας μετ' αὐτοῦ ἀπὸ εφραιμ καὶ ἀπὸ μανασση καὶ ἀπὸ σιμεων ὅτι προσετέθησαν πρὸς αὐτὸν πολλοὶ τοῦ ἰσραηλ ἐν τῷ ἰδεῖν αὐτοὺς ὅτι κύριος ὁ θεὸς αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ
- 10 Yo tout reyini lavil Jerizalèm. Lè sa a, Asa te gen katòzan twa mwa depi li te wa.
So they came together at Jerusalem in the third month, in the fifteenth year of the rule of Asa.
καὶ συνήχθησαν εἰς ἱερουσαλημ ἐν τῷ μηνὶ τῷ τρίτῳ ἐν τῷ πεντεκαιδεκάτῳ ἔτει τῆς βασιλείας ασα
- 11 Jou sa a, yo pran sèt-san (700) bèf ak sèt-mil (7.000) mouton nan tou sa yo te pran nan men lènmi yo, yo touye yo pou Seyè a.
And that day they made offerings to the Lord of the things they had taken in war, seven hundred oxen and seven thousand sheep.
καὶ ἔθυσεν τῷ κυρίῳ ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ ἀπὸ τῶν σκόλων ὧν ἠνεγκαν μόσχους ἑπτακοσίους καὶ πρόβατα ἑπτακισχίλια
- 12 Yo pran angajman pou yo sèvi Seyè a, Bondye zansèt yo a, ak tout kè yo, ak tout nanm yo.
And they made an agreement to be true to the Lord, the God of their fathers, with all their heart and all their soul;
καὶ διήλθεν ἐν διαθήκῃ ζητήσαι κύριον θεὸν τῶν πατέρων αὐτῶν ἐξ ὅλης τῆς καρδίας καὶ ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς
- 13 Yo pwomèt pou yo touye nenpòt moun, kit se fanm kit se gason, kit se granmoun kit se jennmoun, ki pa sotì pou sèvi Seyè a.
And that anyone, small or great, man or woman, who was not true to the Lord, the God of Israel, would be put to death.
καὶ πᾶς ὃς ἐὰν μὴ ἐκζητήσῃ κύριον θεὸν ἰσραηλ ἀποθανεῖται ἀπὸ νεωτέρου ἕως πρεσβυτέρου ἀπὸ ἀνδρὸς ἕως γυναικὸς
- 14 Yo fè sèman bay Seyè a byen fò y'ap kenbe angajman yo. Yo te kontan, yo t'ap rele, yo t'ap kònen twonpèt ak klewon.
And they made an oath to the Lord, with a loud voice, sounding wind-instruments and horns.
καὶ ὤμωσαν ἐν τῷ κυρίῳ ἐν φωνῇ μεγάλῃ καὶ ἐν σάλπιγγιν καὶ ἐν κερατίνοις
- 15 Tout moun peyi Jida yo te kontan, paske yo te fè sèman an ak tout kè yo. San pesonn pa fòse yo, yo te sotì pou yo te chache konnen volonte Seyè a. Seyè a menm te kite yo jwenn li. Li fè yo viv ak kè poze ak tout moun nan vwazinaj yo.
And all Judah was glad because of the oath, for they had taken it with all their heart, turning to the Lord with all their desire; and he was with them and gave them rest on every side.
καὶ ἠορράνθησαν πᾶς ἰουδα περὶ τοῦ ὄρκου ὅτι ἐξ ὅλης τῆς ψυχῆς ὤμωσαν καὶ ἐν πάσῃ θελήσει ἐζήτησαν αὐτόν καὶ εὐρέθη αὐτοῖς καὶ κατέπαυσεν αὐτοῖς κύριος κυκλόθεν
- 16 Wa Asa menm rive wete Maka, grann li, nan pozisyon yo te ba li tankou manman Larenn nan peyi a, paske Maka te fè yon vye estati pou Achera. Asa kraze estati a an miyèt moso, li fè boule l' nan ravin Sedwon an.
And Asa would not let Maacah, his mother, be queen, because she had made a disgusting image for Asherah; and Asa had her image cut down and broken up and burned by the stream Kidron.
καὶ τὴν μααχα τὴν μητέρα αὐτοῦ μετέστησεν τοῦ μὴ εἶναι τῇ ἀστάρτῃ λειτουργοῦσαν καὶ κατέκοψεν τὸ εἶδωλον καὶ κατέκαυσεν ἐν χειμάρρῳ κεδρων

- 17 Atout li pa t' rive fè disparèt tout kay zidòl yo, li menm li te toujou sèvi Seyè a ak tout kè li pandan lavi li.
But the high places were not taken away out of Israel; but still the heart of Asa was true to the Lord all his life.
πλὴν τὰ ὕψηλά οὐκ ἀπέστησαν ἐτι ὑπῆρχεν ἐν τῷ Ἰσραὴλ ἀλλ' ἡ καρδία ασα ἐγένετο πλήρης πάσας τὰς ἡμέρας αὐτοῦ
- 18 Li pran tou sa papa l' te bay pou sèvis Bondye a, li mete yo nan Tanp lan ak tout bagay an lò ak an ajan li menm li te bay pou Bondye.
He took into the house of God all the things which his father had made holy and those which he himself had made holy, silver and gold and vessels.
καὶ εἰσήνεγκεν τὰ ἅγια δαυὶδ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ τὰ ἅγια οἴκου κυρίου τοῦ θεοῦ ἀργύριον καὶ χρυσίον καὶ σκεύη
- 19 Pat gen lagè menm jouk wa Asa rive sou trannsenkan depi li t'ap gouvènen.
And there was no more war till the thirty-fifth year of the rule of Asa.
καὶ πόλεμος οὐκ ἦν μετ' αὐτοῦ ἕως τοῦ πέμπτου καὶ τριακοστοῦ ἔτους τῆς βασιλείας ασα
- 1 ¶ Wa Asa te gen trannsenkan depi li t'ap gouvènen, lè Bacha, wa peyi Izrayèl la, anvayi peyi Jida. Li pran lavil Rama, li plen l' sòlda pa l' pou anpeche moun Asa yo pase antre soti nan peyi Jida.
In the thirty-sixth year of the rule of Asa, Baasha, king of Israel, went up against Judah, building Ramah so that no one was able to go out or in to Asa, king of Judah.
καὶ ἐν τῷ ὀγδόῳ καὶ τριακοστῷ ἔτει τῆς βασιλείας ασα ἀνέβη βαασα βασιλεὺς Ἰσραὴλ ἐπὶ Ἰουδαν καὶ ὀκκοδόμησεν τὴν ραμα τοῦ μὴ δοῦναι ἔξοδον καὶ εἰσοδὸν τῷ ασα βασιλεῖ Ἰουδα
- 2 Lè wa Asa wè sa, li pran bagay an lò ak bagay an ajan ki te nan tanp lan ak nan palè a, li renmèt yo nan men kèk moun pa l', li voye yo bò kote Bennadad, wa peyi Siri, ki te rete lavil Damas, ak mesaj sa a:
Then Asa took silver and gold out of the stores of the Lord's house and of the king's store-house, and sent to Ben-hadad, king of Aram, at Damascus, saying,
καὶ ἔλαβεν ασα χρυσίον καὶ ἀργύριον ἐκ θησαυρῶν οἴκου κυρίου καὶ οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ ἀπέστειλεν πρὸς τὸν υἱὸν τοῦ ἀδερ βασιλέως Συρίας τὸν κατοικοῦντα ἐν δαμασκῷ λέγων
- 3 -Annou pase kontra yonn ak lòt, tankou zansèt nou yo te fè l' la. Men mwen voye bagay an lò ak bagay an ajan sa yo fè ou kado. Koulye a, kase kontra ou te pase ak Bacha, wa peyi Izrayèl la. Konsa, l'a blije wete sòlda li yo nan peyi mwen an.
Let there be an agreement between me and you as there was between my father and your father: see, I have sent you silver and gold; go and put an end to your agreement with Baasha, king of Israel, so that he may give up attacking me.
διάθου διαθήκην ἀνὰ μέσον ἐμοῦ καὶ σοῦ καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ πατρὸς μου καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ πατρὸς σου ἰδοὺ ἀπέσταλκά σοι χρυσίον καὶ ἀργύριον δεῦρο καὶ διασκέδασον ἀπ' ἐμοῦ τὸν βαασα βασιλέα Ἰσραὴλ καὶ ἀπελθέτω ἀπ' ἐμοῦ
- 4 Wa Bennadad dakò avèk sa wa Asa te di l' la. Li voye chèf lame li yo al atake lavil peyi Izrayèl yo. Yo pran lavil Ijon, lavil Dann, lavil Abèl Mayim ak tout lavil nan pòsyon tè branch fanmi Neftali a ki te sèvi depo.
And Ben-hadad did as King Asa said, and sent the captains of his armies against the towns of Israel, attacking Ijon and Dan and Abel-maim, and all the store-towns of Naphtali.
καὶ ἤκουσεν υἱὸς ἀδερ τοῦ βασιλέως ασα καὶ ἀπέστειλεν τοὺς ἄρχοντας τῆς δυνάμεως αὐτοῦ ἐπὶ τὰς πόλεις Ἰσραὴλ καὶ ἐπάταξεν τὴν ἰων καὶ τὴν δαν καὶ τὴν ἀβελμαϊν καὶ πάσας τὰς περιχώρους νεφθαλί
- 5 Lè Bacha vin konn sa, li wete tout sòlda li te kite nan lavil Rama yo, li sispann travay li t'ap fè pou ranfòse miray lavil la.
Then Baasha, hearing of it, put a stop to the building of Ramah, and let his work come to an end.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἀκοῦσαι βαασα ἀπέλιπεν τοῦ μηκέτι οἰκοδομεῖν τὴν ραμα καὶ κατέπαυσεν τὸ ἔργον αὐτοῦ
- 6 Lè sa a, wa Asa fè rele dènye moun nan peyi Jida pou wete wòch ak bwa wa Bacha te fè anpile pou ranfòse miray ranpa lavil Rama a. Wa Asa sèvi ak materyo sa yo pou ranfòse miray lavil Mispa ak miray lavil Gibeya.
Then King Asa, with all Judah, took away the stones and wood with which Baasha was building Ramah, and he made use of them for building Geba and Mizpah.
καὶ ασα ὁ βασιλεὺς ἔλαβεν πάντα τὸν Ἰουδαν καὶ ἔλαβεν τοὺς λίθους τῆς ραμα καὶ τὰ ξύλα αὐτῆς ἃ ὀκκοδόμησεν βαασα καὶ ὀκκοδόμησεν ἐν αὐτοῖς τὴν γαβαε καὶ τὴν μασφα
- 7 ¶ Lè sa a, pwofèt Anani vin jwenn Asa, wa peyi Jida a, li di l' konsa: -Se paske ou te pito mete konfyans ou nan lame wa peyi Siri a pase nan Seyè a, Bondye ou la, kifè lame wa peyi Siri a chape anba men ou.
At that time Hanani the seer came to Asa, king of Judah, and said to him, Because you have put your faith in the king of Aram and not in the Lord your God, the army of the king of Aram has got away out of your hands.
καὶ ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνο ἦλθεν ἀνανὶ ὁ προφήτης πρὸς ασα βασιλέα Ἰουδα καὶ εἶπεν αὐτῷ ἐν τῷ πεποιθέναί σε ἐπὶ βασιλέα Συρίας καὶ μὴ πεποιθέναί σε ἐπὶ κύριον θεόν σου διὰ τοῦτο ἐσώθη δύναμις Συρίας ἀπὸ τῆς χειρὸς σου
- 8 Eske moun Letiopi yo ak moun Libi yo ansanm pa t' fè yon gwo lame ak anpil cha lagè, anpil kavalye sou chwal? Malgre sa, Seyè a te lage yo nan men ou paske ou te mete konfyans ou nan li.
Were not the Ethiopians and the Lubim a very great army, with war-carriages and horsemen more than might be numbered? but because your faith was in the Lord, he gave them up into your hands.
οὐχ οἱ αἰθίοπες καὶ λίβυες ἦσαν εἰς δύναμιν πολλὴν εἰς θάρσος εἰς ἰπτεῖς εἰς πλῆθος σφόδρα καὶ ἐν τῷ πεποιθέναί σε ἐπὶ κύριον παρέδωκεν εἰς τὰς χεῖράς σου

- 9 Seyè a ap veye tou sa k'ap pase sou latè. Li pa kite anyen chape pou l' ka bay moun ki mete tout konfyans yo nan li fòs ak kouraj. Men fwa sa a, ou resi pèdi tèt ou. Ou aji tankou moun fou. Se poutèt sa moun pral fè ou lagè san rete.
For the eyes of the Lord go this way and that, through all the earth, letting it be seen that he is the strong support of those whose hearts are true to him. In this you have done foolishly, for from now you will have wars.
ὅτι οἱ ὀφθαλμοὶ κυρίου ἐπιβλέπουσιν ἐν πάσῃ τῇ γῆ κατισχύσαι ἐν πάσῃ καρδίᾳ πλήρει πρὸς αὐτόν ἠγγόνικας ἐπὶ τούτῳ ἀπὸ τοῦ νῦν ἔσται μετὰ σοῦ πόλεμος
- 10 Koze sa a te fè Asa fache anpil sou pwofèt la. Li fè yo fèmen l' nan prizon. Se depi lè sa a Asa konmanse ap maltrete kèk moun nan pèp la.
Then Asa was angry with the seer, and put him in prison, burning with wrath against him because of this thing. And at the same time Asa was cruel to some of the people.
καὶ ἐθυμώθη ἀσα τῷ προφήτῃ καὶ παρέθετο αὐτὸν εἰς φυλακὴν ὅτι ὠργίσθη ἐπὶ τούτῳ καὶ ἐλυμήνατο ἀσα ἐν τῷ λαῷ ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνο
- 11 Tou sa wa Asa te fè depi premye jou li moute wa a rive jouk dènye jou a, nou jwenn sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida yo ak wa peyi Izrayèl yo.
Now the acts of Asa, first and last, are recorded in the book of the kings of Judah and Israel.
καὶ ἰδοὺ οἱ λόγοι ἀσα οἱ πρῶτοι καὶ οἱ ἔσχατοι γεγραμμένοι ἐν βιβλίῳ βασιλέων ἰουδα καὶ ἰσραηλ
- 12 Asa te gen trantnevan depi li te wa, lè yon gwo maladi nan pye rann li enfim. Malgre sa, li pa t' al chache gerizon nan men Seyè a. Li te pito al kay dòktè.
In the thirty-ninth year of his rule, Asa had a very bad disease of the feet; but he did not go to the Lord for help in his disease, but to medical men.
καὶ ἐμαλακίσθη ἀσα ἐν τῷ ἐνάτῳ καὶ τριακοστῷ ἔτει τῆς βασιλείας αὐτοῦ τοὺς πόδας ἕως σφόδρα ἐμαλακίσθη καὶ ἐν τῇ μαλακίᾳ αὐτοῦ οὐκ ἐζήτησεν κύριον ἀλλὰ τοὺς ἰατρούς
- 13 Lè li mourì, li t'ap mache sou karanteyennan depi li te wa.
So Asa went to rest with his fathers, and death came to him in the forty-first year of his rule.
καὶ ἐκοιμήθη ἀσα μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ ἐτελεύτησεν ἐν τῷ ἐνάτῳ καὶ τριακοστῷ ἔτει τῆς βασιλείας αὐτοῦ
- 14 Yo antere l' nan kavo li te fè fouye pou tèt pa li nan lavil David la. Yo mete kadav la kouche sou yon payas fèt ak fèy santi bon ak tout kalite bon odè yo te pare jan yo konn fè l' la. Apre sa, yo limen yon gwo boukan pou li.
And they put him into the resting-place which he had made for himself in the town of David, in a bed full of sweet perfumes of all sorts of spices, made by the perfumer's art, and they made a great burning for him.
καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν τῷ μνήματι ᾧ ὄρυξεν ἑαυτῷ ἐν πόλει δαυὶδ καὶ ἐκοίμισαν αὐτὸν ἐπὶ τῆς κλίνης καὶ ἔπλησαν ἀρωμάτων καὶ γένη μύρον μυρεψῶν καὶ ἐποίησαν αὐτῷ ἐκφορὰν μεγάλην ἕως σφόδρα
- 1 ¶ Jozafa, pitit Asa, moute wa nan plas papa l'. Li ranfòse pozisyon l' devan peyi Izrayèl la.
And Jehoshaphat his son became king in his place, and made himself strong against Israel.
καὶ ἐβασίλευσεν ἰωσαφατ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ καὶ κατίσχυσεν ἰωσαφατ ἐπὶ τὸν ἰσραηλ
- 2 Li mete sòlda nan tout lavil ki gen ranpa nan peyi Jida a, li mete gouvènè nan tout peyi Jida a ak nan tout lavil Asa, papa l', te pran nan peyi Efrayim lan.
He put forces in all the walled towns of Judah, and responsible chiefs in the land of Judah and in the towns of Ephraim, which Asa his father had taken.
καὶ ἔδωκεν δύνάμιν ἐν πάσαις ταῖς πόλεσιν ἰουδα ταῖς ὄχρηαῖς καὶ κατέστησεν ἠγουμένους ἐν πάσαις ταῖς πόλεσιν ἰουδα καὶ ἐν πόλεσιν εφραϊμ ὡς προκατελάβετο ἀσα ὁ πατὴρ αὐτοῦ
- 3 Seyè a te kanpe avèk Jozafa, paske li te fè tankou David, granpapa l', nan konmansman rèy li. Li pa t' kouri dèyè Baal yo.
And the Lord was with Jehoshaphat, because he went in the early ways of his father, not turning to the Baals,
καὶ ἐγένετο κύριος μετὰ ἰωσαφατ ὅτι ἐπορεύθη ἐν ὁδοῖς τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ταῖς πρώταις καὶ οὐκ ἐξεζήτησεν τὰ εἰδῶλα
- 4 Li t'ap chache tout jan pou li te sèvi Bondye zansèt li a. Li te mache dapre lòd Bondye bay yo, li pa t' fè tankou wa Izrayèl yo.
But turning to the God of his father and keeping his laws, and not doing as Israel did.
ἀλλὰ κύριον τὸν θεὸν τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐξεζήτησεν καὶ ἐν ταῖς ἐντολαῖς τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐπορεύθη καὶ οὐχ ὡς τοῦ ἰσραηλ τὰ ἔργα
- 5 Seyè a bay gouvènman l' lan fòs. Nan peyi Jida a, tout moun t'ap pote kado ba li. Konsa, li te vin gen anpil byen. Tout moun t'ap fè lwanj li.
So the Lord made his kingdom strong; and all Judah gave offerings to Jehoshaphat, and he had great wealth and honour.
καὶ κατηύθυνεν κύριος τὴν βασιλείαν ἐν χειρὶ αὐτοῦ καὶ ἔδωκεν πᾶς ἰουδα δῶρα τῷ ἰωσαφατ καὶ ἐγένετο αὐτῷ πλοῦτος καὶ δόξα πολλή
- 6 Li te pran plezi l' nan fè volonte Seyè a. Li fè disparèt tout kote yo t'ap sèvi zidòl nan peyi Jida a, ansanm ak tout estati Achera yo.
His heart was lifted up in the ways of the Lord; and he went so far as to take away the high places and the wood pillars out of Judah.
καὶ ὑψώθη καρδία αὐτοῦ ἐν ὁδοῖς κυρίου καὶ ἔτι ἐξῆρεν τὰ ὑψηλὰ καὶ τὰ ἄλση ἀπὸ τῆς γῆς ἰουδα
- 7 Li te gen twazan depi li te wa lè li voye kèk chèf nan tout lavil peyi Jida yo pou moutre pèp la sa pou l' fè. Men non chèf yo: Se te Bennayil, Obadya, Zekaraya, Netaneyèl ak Mikaya.
In the third year of his rule he sent Benhail and Obadiah and Zechariah and Nethanel and Micaiah, his captains, as teachers into the towns of Judah;
καὶ ἐν τῷ τρίτῳ ἔτει τῆς βασιλείας αὐτοῦ ἀπέστειλεν τοὺς ἠγουμένους αὐτοῦ καὶ τοὺς υἱοὺς τῶν δυνάτων τὸν ἀβδιαν καὶ ζαχαριαν καὶ ναθανηλ καὶ μιχαϊαν διδάσκειν ἐν πόλεσιν ἰουδα

- 8 Yo te gen nèf moun Levi ak de prèt ak yo. Moun Levi yo te rele Chemaya, Netanya, Zebadya, Asayèl, Chemiramòt, Jonatan, Adonija, Tobija ak Tobadonija. Prèt yo te rele: Elichama ak Joram. **And with them, Shemaiah and Nethaniah and Zebadiah and Asahel and Shemiramoth and Jehonathan and Adonijah and Tobijah and Tob-adonijah, the Levites; and Elishama and Jehoram the priests.**
καὶ μετ' αὐτῶν οἱ λευῖται σαμουιας καὶ ναθανιας καὶ ζαβδίας καὶ ασηλ καὶ σεμιραμοθ καὶ ιωναθαν καὶ αδωνιας καὶ τωβιας οἱ λευῖται καὶ μετ' αὐτῶν ελισαμα καὶ ιωραμ οἱ ἱερεῖς
- 9 Avèk liv lalwa Seyè a nan men yo, yo mache nan tout peyi a, yo ale nan tout lavil yo pou moutre pèp la sa pou li fè. **And they gave teaching in Judah and had the book of the law of the Lord with them; they went through all the towns of Judah teaching the people.**
καὶ ἐδίδασκον ἐν ἰουδα καὶ μετ' αὐτῶν βύβλος νόμου κυρίου καὶ διήλθον ἐν ταῖς πόλεσιν ἰουδα καὶ ἐδίδασκον τὸν λαόν
- 10 ¶ Tout gouvènman peyi ki te vwazen ak peyi Jida a te sitèlman pè Seyè a, yo yonn pa chache fè lagè ak wa Jozafa. **And the fear of the Lord was on all the kingdoms of the lands round Judah, so that they made no wars against Jehoshaphat.**
καὶ ἐγένετο ἔκστασις κυρίου ἐπὶ πάσαις ταῖς βασιλείαις τῆς γῆς ταῖς κύκλῳ ἰουδα καὶ οὐκ ἐπολέμουν πρὸς ἰωσαφατ
- 11 Lekontrè, te gen anpil moun Filisti ki te pote anpil kado ak anpil ajan ba li tankou si li te chèf yo. Ata moun peyi Arabi yo te pote sètmitl sètсан (7.700) mouton ak sètmitl sètсан (7.700) kabrit fè l' kado. **And some of the Philistines took offerings to Jehoshaphat, and made him payments of silver; and the Arabians gave him flocks, seven thousand, seven hundred sheep, and seven thousand, seven hundred he-goats.**
καὶ ἀπὸ τῶν ἀλλοφύλων ἔφερον τῷ ἰωσαφατ δῶρα καὶ ἀργύριον καὶ δόματα καὶ οἱ ἄραβες ἔφερον αὐτῷ κριοὺς προβάτων ἑπτακισχίλιους ἑπτακοσίους
- 12 Se konsa, pouwa Jozafa a t'ap vin pi fò chak jou. Nan tout peyi Jida a, li bati sitadèl ak lavil pou sèvi l' depo. **Jehoshaphat became greater and greater, and made strong towers and store-towns in Judah.**
καὶ ἦν ἰωσαφατ πορευόμενος μεῖζων ἕως εἰς ὕψος καὶ ἠκοδόμησεν οἰκῆσεις ἐν τῇ ἰουδαίᾳ καὶ πόλεις ὄχυράς
- 13 Li te gen pwovizyon an kantite nan tout lavil peyi a. Nan lavil Jerizalèm menm, li te gen anpil vanyan sòlda. **He had much property in the towns of Judah; he had forces of armed men, great and strong, in Jerusalem.**
καὶ ἔργα πολλὰ ἐγένετο αὐτῷ ἐν τῇ ἰουδαίᾳ καὶ ἄνδρες πολεμισταὶ δυνατοὶ ἰσχύοντες ἐν ἱερουσαλήμ
- 14 Men kantite ki te genyen dapre branch fanmi yo: Te gen Adna, kòmandan tout chèf batayon branch fanmi Jida a ak twasanmil (300.000) sòlda sou zòd li. **This is the number of them, listed by their families, the captains of thousands of Judah: Adnah, the captain, and with him three hundred thousand men of war;**
καὶ οὗτος ἀριθμὸς αὐτῶν κατ' οἴκους πατριῶν αὐτῶν τῷ ἰουδα χιλιαρχοῖ ἐδνας ὁ ἄρχων καὶ μετ' αὐτοῦ υἱοὶ δυνατοὶ δυνάμεως τριακόσαιοι χιλιάδες
- 15 Li te gen avè l' Jokanan avèk desankatrevenmil (280.000) sòlda sou zòd li. **Second to him Jehohanan, the captain, and with him two hundred and eighty thousand;**
καὶ μετ' αὐτὸν ἰωαναν ὁ ἠγούμενος καὶ μετ' αὐτοῦ διακόσαιοι ὀγδοήκοντα χιλιάδες
- 16 Avè l' toujou te gen Amasya, piti Zikri a, ak desanmil (200.000) sòlda. Amasya sa a te pote tèt li limenm, san pesonn pa t' mande l' pou sèvi Seyè a. **After him Amasiah, the son of Zichri, who freely gave himself to the Lord, and with him two hundred thousand men of war;**
καὶ μετ' αὐτὸν αμασιας ὁ τοῦ ζαχρι ὁ προθυμούμενος τῷ κυρίῳ καὶ μετ' αὐτοῦ διακόσαιοι χιλιάδες δυνατοὶ δυνάμεως
- 17 Alatèt moun branch fanmi Benjamen yo te gen Elyada, yon vanyan sòlda, ak desanmil (200.000) sòlda ki te gen plak pwotèj ak banza. **And the captains of Benjamin: Eliada, a great man of war, and with him two hundred thousand armed with bows and body-covers;**
καὶ ἐκ τοῦ βενιαμιν δυνατὸς δυνάμεως ελιαδα καὶ μετ' αὐτοῦ τοξόται καὶ πελτασταὶ διακόσαιοι χιλιάδες
- 18 Avè l' te gen Jeozabad avèk sankatrevenmil (180.000) sòlda byen ame pou lagè. **And after him Jehozabad, and with him a hundred and eighty thousand trained for war.**
καὶ μετ' αὐτὸν ἰωζαβαδ καὶ μετ' αὐτοῦ ἑκατὸν ὀγδοήκοντα χιλιάδες δυνατοὶ πολέμου
- 19 Se moun sa yo ki t'ap sèvi wa a lavil Jerizalèm, san konte lòt sòlda wa a te mete an ganizon nan lòt lavil ak ranpa nan peyi Jida a. **These were the men who were waiting on the king, in addition to those placed by the king in the walled towns through all Judah.**
οὗτοι οἱ λειτουργοῦντες τῷ βασιλεῖ ἐκτὸς ὧν ἔδωκεν ὁ βασιλεὺς ἐν ταῖς πόλεσιν ταῖς ὄχυραῖς ἐν πάσῃ τῇ ἰουδαίᾳ
- 1 ¶ Jozafa te vin gen anpil richès, tout moun t'ap fè lwanj pou li. Li ranje yon maryaj ant yon moun nan fanmi l' ak yon moun nan fanmi Akab, wa peyi Izrayèl la. **Now Jehoshaphat had great wealth and honour, and his son was married to Ahab's daughter.**
καὶ ἐγενήθη τῷ ἰωσαφατ ἔτι πλοῦτος καὶ δόξα πολλή καὶ ἐπεγαμβρεύσατο ἐν οἴκῳ αχααβ

- 2 Kèk lanne apre sa, Jozafa al rann Akab yon vizit lavil Samari. Lè sa a, Akab fè yon gwo fèt pou Jozafa ansanm ak moun ki te avè l' yo. Li te fè touye yon pakèt mouton ak bèf pou fèt la. Lèfini, li chache pran tèt Jozafa pou yo al atake lavil Ramòt nan peyi Galarad.
And after some years he went down to Samaria to see Ahab. And Ahab made a feast for him and the people who were with him, putting to death great numbers of sheep and oxen; and he got Jehoshaphat to go with him to Ramoth-gilead.
 και κατέβη διὰ τέλους ἐτῶν πρὸς αχααβ εἰς σαμάρειαν καὶ ἔθυσεν αὐτῷ αχααβ πρόβατα καὶ μόσχους πολλοὺς καὶ τῷ λαῷ τῷ μετ' αὐτοῦ καὶ ἡπάτα αὐτὸν τοῦ συναναβῆναι μετ' αὐτοῦ εἰς ραμωθ τῆς γαλααδίτιδος
- 3 Akab, wa peyi Izrayèl la, di Jozafa, wa peyi Jida a: -Eske w'ap vin avè m' pou atake lavil Ramòt nan peyi Galarad la? Jozafa reponn li: -Mwen menm ak tout sòlda mwen yo, nou avè ou ansanm ak pèp ou a. Se yonn nou ye!
 και ἐν ταῖς βουλαῖς αὐτῶν ἐπορεύθη και ἐπορεύθη μετὰ ἰωραμ υἱοῦ αχααβ εἰς πόλεμον ἐπὶ αζαηλ βασιλέα συρίας εἰς ραμα γαλααδ και ἐπάταξαν οἱ τοξόται τὸν ἰωραμ
- 6 Joram tounen lavil Jizreyèl pou l' te refè anba blese li te pran nan batay li t'ap mennen kont Azayèl, wa peyi Siri a, lavil Ramòt. Lè sa a, Okozyas moute lavil Jizreyèl pou l' vizite Joram, pitit pitit Akab, paske Joram te malad.
And he went back to Jezreel to get well from the wounds which they had given him at Ramah when he was fighting against Hazael, king of Aram. And Ahaziah, the son of Jehoram, king of Judah, went down to Jezreel to see Jehoram, the son of Ahab, because he was ill.
 και ἐπέστρεψεν ἰωραμ τοῦ ἱατρευθῆναι εἰς ἰεζραηλ ἀπὸ τῶν πληγῶν ὧν ἐπάταξαν αὐτὸν οἱ σύροι ἐν ραμα ἐν τῷ πολεμῶν αὐτὸν πρὸς αζαηλ βασιλέα συρίας και οχοζιας υἱὸς ἰωραμ βασιλεὺς ἰουδα και ἐβη θεάσασθαι τὸν ἰωραμ υἱὸν αχααβ εἰς ἰεζραηλ ὅτι ἠρρώσκει
- 7 Se Bondye ki te fè Okozyas al rann Joram vizit sa a pou l' te ka kraze l'. Rive Okozyas rive, li pati ansanm ak Joram al kontre Jeou, pitit gason Nimchi a, yon moun Bondye te chwazi pou disparèt tout fanmi Akab la.
Now by the purpose of God, Ahaziah's journey to see Jehoram was the cause of his downfall: for when he came there, he went out with Jehoram against Jehu, the son of Nimshi, who had been marked out by the Lord for the destruction of the family of Ahab.
 και παρὰ τοῦ θεοῦ ἐγένετο καταστροφή οχοζια ἐλθεῖν πρὸς ἰωραμ και ἐν τῷ ἐλθεῖν αὐτὸν ἐξῆλθεν μετ' αὐτοῦ ἰωραμ πρὸς ἰου υἱὸν ναμεσσι χριστὸν κυρίου τὸν οἶκον αχααβ
- 8 Se konsa, pandan Jeou t'ap regle ak fanmi Akab la, li kontre kèk chèf peyi Jida ak ti fanmi wa Okozyas yo ki t'ap sèvi nan lame Okozyas la. Li touye tout.
Now when Jehu was effecting the punishment of the family of Ahab, he came to the princes of Judah and the sons of Ahaziah's brothers, the servants of Ahaziah, and put them to death.
 και ἐγένετο ὡς ἐξεδίκησεν ἰου τὸν οἶκον αχααβ και εὔρεν τοὺς ἄρχοντας ἰουδα και τοὺς ἀδελφοὺς οχοζια λειτουργοῦντας τῷ οχοζια και ἀπέκτεινεν αὐτούς
- 9 Apre sa, li mande pou yo chache Okozyas ki te kache nan peyi Samari a. Yo jwenn li, yo mennen l' bay Jeou ki fè yo touye l'. Apre sa, yo antere kadav li, paske yo t'ap di se pitit pitit Jozafa ki te fè sa l' kapab pou l' sèvi Seyè a. Se konsa pa t' rete pesonn nan fanmi Okozyas la ki te ka pran pouvwa a pou gouvènè.
And he went in search of Ahaziah; and when they came where he was, (for he was in a secret place in Samaria,) they took him to Jehu and put him to death; then they put his body to rest in the earth, for they said, He is the son of Jehoshaphat, whose heart was true to the Lord. So the family of Ahaziah had no power to keep the kingdom.
 και εἶπεν τοῦ ζητῆσαι τὸν οχοζιαν και κατέλαβον αὐτὸν ἱατρευόμενον ἐν σαμαρεία και ἤγαγον αὐτὸν πρὸς ἰου και ἀπέκτεινεν αὐτὸν και ἔθαψαν αὐτόν ὅτι εἶπαν υἱὸς ἰωσαφατ ἐστίν ὃς ἐζήτησεν τὸν κύριον ἐν ὅλῃ καρδίᾳ αὐτοῦ και οὐκ ἦν ἐν οἴκῳ οχοζια κατισχύσαι δύναμιν περὶ τῆς βασιλείας
- 10 ¶ Lè Atali, manman Okozyas, vin konnen yo te touye pitit li a, li bay lòd pou yo touye tout rès fanmi wa peyi Jida yo.
Now when Athaliah, the mother of Ahaziah, saw that her son was dead, she had all the rest of the seed of the kingdom of Judah put to death.
 και γοθολια ἡ μήτηρ οχοζια εἶδεν ὅτι τέθνηκεν αὐτῆς ὁ υἱὸς και ἠγέρθη και ἀπόλεσεν πᾶν τὸ σπέρμα τῆς βασιλείας ἐν οἴκῳ ἰουδα
- 11 Men, lè yo t'ap touye pitit wa yo, Jozabèt, pitit fi wa Joram lan, pran Joas, pitit gason Okozyas la, li sere l'. Li kache l' ansanm ak moun ki te sèvi l' nouris la nan yon chanm kote moun dòmi nan Tanp lan. Se konsa, Jozabèt, pitit fi wa Joram lan, sè menm papa ak Okozyas, epi ki te madanm Jeojada, prèt la, te sere Joas san Atali pa konn sa, kifè li pa t' mouri tou.
But Jehoshabeath, the daughter of the king, secretly took Joash, the son of Ahaziah, away from among the king's sons who were put to death, and put him and the woman who took care of him in a bedroom. So Jehoshabeath, the daughter of King Jehoram, the wife of Jehoiada the priest and sister of Ahaziah, kept him safe from Athaliah, so that she did not put him to death.
 και ἔλαβεν ἰωσαβεθ ἡ θυγάτηρ τοῦ βασιλέως τὸν ἰωασ υἱὸν οχοζια και ἔκλεψεν αὐτὸν ἐκ μέσου υἱῶν τοῦ βασιλέως τῶν θανατουμένων και ἔδωκεν αὐτὸν και τὴν τροφὸν αὐτοῦ εἰς ταμίειον τῶν κλιῶν και ἔκρυψεν αὐτὸν ἰωσαβεθ θυγάτηρ τοῦ βασιλέως ἰωραμ ἀδελφῆ οχοζιου γυνὴ ἰωδαε τοῦ ἱερέως και ἔκρυψεν αὐτὸν ἀπὸ προσώπου γοθολιας και οὐκ ἀπέκτεινεν αὐτόν
- 12 Pandan sizan Joas te rete kache nan Tanp lan ansanm ak moun ki te sèvi l' nouris la. Atali menm t'ap gouvènè peyi a.
And she kept him safe with her in the house of God for six years, while Athaliah was ruling the land.
 και ἦν μετ' αὐτῆς ἐν οἴκῳ τοῦ θεοῦ κατακεκρυμμένος ἐξ ἔτη και γοθολια ἐβασίλευσεν ἐπὶ τῆς γῆς

- 1 ¶ Sou setyèm lanne a, Jeojada, prèt la, pran kouraj li ak de men, li deside lè a rive pou l' fè sa pou l' fè a. Li fè rele senk kaptenn nan lame a: Azarya, pitit Jewokam, Ismayèl, pitit Jokanan, Azaryawou, pitit gason Obèd, Maseja, pitit gason Adaja ak Elichafat, pitit Zikri. Li pran yon dizon ak yo.
In the seventh year, Jehoiada made himself strong, and made an agreement with the captains of hundreds, Azariah, the son of Jeroham, Ishmael, the son of Jehohanan, Azariah, the son of Obed, Maaseiah, the son of Adaiah, and Elishaphat, the son of Zichri.
καὶ ἐν τῷ ἔτει τῷ ἑβδόμῳ ἐκραταίωσεν ἰωδασ καὶ ἔλαβεν τοὺς ἑκατοντάρχους τὸν αζαριαν υἱὸν ἰωραμ καὶ τὸν ἰσμαηλ υἱὸν ἰωαναν καὶ τὸν αζαριαν υἱὸν ὠβηδ καὶ τὸν μασσαϊαν υἱὸν ἀδαια καὶ τὸν ἐλισαφαν υἱὸν ζαχαρια μετ' αὐτοῦ εἰς οἶκον
- 2 Mesye sa yo vwayaje ale nan tout lavil peyi Jida yo, yo al chache moun Levi yo ak tout chèf fanmi yo, fè yo moute lavil Jerizalèm.
And they went through Judah, getting together the Levites and the heads of families in Israel from all the towns of Judah, and they came to Jerusalem.
καὶ ἐκύκλωσαν τὸν ἰουδαν καὶ συνήγαγον τοὺς λευίτας ἐκ πασῶν τῶν πόλεων ἰουδα καὶ ἄρχοντας πατριῶν τοῦ ἰσραηλ καὶ ἦλθον εἰς ἱερουσαλημ
- 3 Yo tout reyini nan Tanp lan. Yo pase yon kontra ak wa Joas, lèfini Jeojada di yo: -Men pitit gason defen wa nou an. Se li menm ki pral gouvènè koulye a jan Seyè a te pwomèt fanmi David la.
And all the people made an agreement with the king in the house of God. And he said to them, Truly, the king's son will be king, as the Lord has said about the sons of David.
καὶ διέθεντο πᾶσα ἐκκλησία ἰουδα διαθήκην ἐν οἴκῳ τοῦ θεοῦ μετὰ τοῦ βασιλέως καὶ ἔδειξεν αὐτοῖς τὸν υἱὸν τοῦ βασιλέως καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἰδοὺ ὁ υἱὸς τοῦ βασιλέως βασιλευσάτω καθὼς ἐλάλησεν κ' ὕριος ἐπὶ τὸν οἶκον δαυιδ
- 4 Men sa nou pral fè: Lè prèt yo ak moun Levi yo va vin pran pòs jou repo a, y'a separe fè twa gwoup menm fòs. Yon gwoup va fè pòs nan pòtay Tanp lan.
This is what you are to do: let a third of you, of the priests and Levites, who come in on the Sabbath, keep the doors;
νῦν ὁ λόγος οὗτος ὃν ποιήσετε τὸ τρίτον ἐξ ὑμῶν εἰσπορευέσθωσαν τὸ σάββατον τῶν ἱερέων καὶ τῶν λευιτῶν καὶ εἰς τὰς πύλας τῶν εἰσόδων
- 5 Yon lòt gwoup va pran pòs bò palè wa a. Rès yo va moute lagad bò pòtay fondasyon an. Tout pèp la va sanble nan gwo lakou Tanp Seyè a.
And a third are to be stationed at the king's house; and a third at the doorway of the horses: while all the people are waiting in the open spaces round the house of the Lord.
καὶ τὸ τρίτον ἐν οἴκῳ τοῦ βασιλέως καὶ τὸ τρίτον ἐν τῇ πύλῃ τῇ μέσῃ καὶ πᾶς ὁ λαὸς ἐν αὐλαῖς οἴκου κυρίου
- 6 Pa kite pesonn antre anndan Tanp lan, esepite prèt ak moun Levi ki nan sèvis yo. Yo menm yo gen dwa antre, paske yo mete yo apa pou Bondye. Tout rèp pèp la va rete deyò pou moute lagad pou Seyè a.
But let no one come into the house of the Lord but only the priests and those of the Levites who have work to do there; they may go in for they are holy; but the rest of the people are to keep the orders of the Lord.
καὶ μὴ εἰσελθέτω εἰς οἶκον κυρίου ἂν μὴ οἱ ἱερεῖς καὶ οἱ λευῖται καὶ οἱ λειτουργοῦντες τῶν λευιτῶν αὐτοὶ εἰσελεύσονται ὅτι ἅγιοί εἰσιν καὶ πᾶς ὁ λαὸς φυλασσέτω φυλακὰς κυρίου
- 7 Moun Levi yo va fè yon wonn ak wa a nan mitan yo. Y'a kenbe zam yo nan men yo. Kote wa a va fè, y'a mache avè l' nan pozisyon sa a. Si yon moun ta vle seye antre nan Tanp lan, touye l'.
And the Levites are to make a circle round the king, every man being armed; and any man who comes into the house is to be put to death; you are to keep with the king when he comes in and when he goes out.
καὶ κυκλώσουσιν οἱ λευῖται τὸν βασιλέα κύκλῳ ἀνδρὸς σκεδὸς ἐν χειρὶ αὐτοῦ καὶ ὁ εἰσπορευόμενος εἰς τὸν οἶκον ἀποθανεῖται καὶ ἔσονται μετὰ τοῦ βασιλέως εἰσπορευομένου καὶ ἐκπορευομένου
- 8 Moun Levi yo ak tout moun peyi Jida yo fè tou sa Jeojada te ba yo lòd fè a. Jeojada, prèt la, pa t' kite gwoup ki te fin fè sèvis yo jou repo a ale. Konsa, kaptenn lame yo te gen avèk yo ni sa ki t'ap vin pran sèvis, ni sa ki te fin fè sèvis yo.
So the Levites and all Judah did as Jehoiada the priest had given them orders: every one took with him his men, those who were to come in and those who were to go out on the Sabbath; for Jehoiada had not sent away the divisions.
καὶ ἐποίησαν οἱ λευῖται καὶ πᾶς ἰουδα κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλατο ἰωδασ ὁ ἱερεὺς καὶ ἔλαβον ἕκαστος τοὺς ἀνδρας αὐτοῦ ἀπ' ἀρχῆς τοῦ σαββάτου ἕως ἐξόδου τοῦ σαββάτου ὅτι οὐ κατέλυσεν ἰωδασ τὰς ἐφημερίας
- 9 Jeojada bay kaptenn lame yo frenn ak divès plak pwotèj wa David yo ki te sere nan Tanp Bondye a.
Then Jehoiada the priest gave to the captains of hundreds the spears and body-covers which had been King David's and which were kept in the house of God.
καὶ ἔδωκεν τὰς μαχαίρας καὶ τοὺς θυρεοὺς καὶ τὰ ὄπλα ἃ ἦν τοῦ βασιλέως δαυιδ ἐν οἴκῳ τοῦ θεοῦ
- 10 Li mete moun ak nepe nan men yo sou tout devan Tanp lan ak devan lotèl la, depi sou bò gòch rive sou bò dwat Tanp lan pou pwoteje wa a.
And he put all the people in position, every man with his instruments of war in his hand, from the right side of the house to the left, by the altar and the house and all round the king.
καὶ ἔστησεν πάντα τὸν λαὸν ἕκαστον ἐν τοῖς ὄπλοις αὐτοῦ ἀπὸ τῆς ὀμίας τοῦ οἴκου τῆς δεξιᾶς ἕως τῆς ὀμίας τῆς ἀριστερᾶς τοῦ θυσιαστηρίου καὶ τοῦ οἴκου ἐπὶ τὸν βασιλέα κύκλῳ
- 11 Lèfini, li fè Joas, pitit wa a, soti. Li mete kouwòn lan sou tèt li, li pase ti chenn yo nan ponyèt li ak nan janm li. Yo fè l' wa. Jeojada, prèt la, ak pitit li yo vide lwil sou tèt Joas pou mete l' apa pou travay la. Tout pèp la pran rele: -Viv wa a!
Then they made the king's son come out, and they put the crown on his head and gave him the arm-bands and made him king; and Jehoiada and his sons put the holy oil on him and said, Long life to the king.
καὶ ἐξήγαγεν τὸν υἱὸν τοῦ βασιλέως καὶ ἔδωκεν ἐπ' αὐτὸν τὸ βασίλειον καὶ τὰ μαρτύρια καὶ ἐβασίλευσαν καὶ ἔχρισαν αὐτὸν ἰωδασ καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ καὶ εἶπαν ζήτω ὁ βασιλεύς

- 12 ¶ Lè Atali tande bri pye pèp la ki t'ap kouri epi ki t'ap bat bravo pou wa a, li prese al nan Tanp kote pèp la te ye a.
Now Athaliah, hearing the noise of the people running and praising the king, came to the people in the house of the Lord:
καὶ ἤκουσεν γοθολια τὴν φωνὴν τοῦ λαοῦ τῶν τρεχόντων καὶ ἔξομολογουμένων καὶ αἰνούντων τὸν βασιλέα καὶ εἰσῆλθεν πρὸς τὸν βασιλέα εἰς οἶκον κυρίου
- 13 Li wè wa a te kanpe bò gwo potò a, bò pòtay pou antre nan Tanp lan, chèf yo ak tout mizisyen yo bò kote l'. Tout pèp la te kontan, yo t'ap kònen twonpèt. Sanba yo ak enstriman mizik yo t'ap voye chante. Kè Atali kase, li chire rad sou li, li pran rele: -Men yo moute yon konplo sou do m'.
And looking, she saw the king in his place by the pillar at the doorway, and the captains and the horns by his side; and all the people of the land were giving signs of joy and sounding the horns; and the makers of melody were playing on instruments of music, taking the chief part in the song of praise. Then Athaliah, violently parting her robes, said, Broken faith, broken faith!
καὶ εἶδεν καὶ ἰδοῦ ὁ βασιλεὺς ἐπὶ τῆς στάσεως αὐτοῦ καὶ ἐπὶ τῆς εἰσόδου οἱ ἄρχοντες καὶ αἱ σάλπιγγες περὶ τὸν βασιλέα καὶ πᾶς ὁ λαὸς ἠψόφρανθη καὶ ἐσάλπισαν ἐν ταῖς σάλπιγγιν καὶ οἱ ἄδοντες ἐν τοῖς ὄργανοις ᾄδοι καὶ ὕμνουντες αἶνον καὶ διέρρηξεν γοθολια τὴν στολὴν αὐτῆς καὶ ἔβησεν καὶ εἶπεν ἐπιτιθέμενοι ἐπιτίθεσθε
- 14 Lamenm Jeojada, prèt la, bay kaptenn ki t'ap kòmande lame a lòd, li di yo: -Pase nan mitan de ran sòlda yo avè l', mennen l' deyò. Touye nenpòt moun nou wè ki ta vle swiv li. Prèt la te bay lòd pou yo pa touye Atali anndan Tanp Seyè a.
Then Jehoiada the priest gave orders to the captains of hundreds who had authority over the army, saying, Take her outside the lines, and let anyone who goes after her be put to death with the sword. For the priest said, Let her not be put to death in the house of the Lord.
καὶ ἐξῆλθεν ἰωδασ ὁ ἱερεὺς καὶ ἐνετείλατο ἰωδασ ὁ ἱερεὺς τοῖς ἑκατοντάρχους καὶ τοῖς ἀρχηγοῖς τῆς δυνάμεως καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἐκβάλετε αὐτὴν ἐκτὸς τοῦ οἴκου καὶ εἰσέλθατε ὀπίσω αὐτῆς καὶ ἀποθανέτω μαχαίρᾳ ὅτι εἶπεν ὁ ἱερεὺς μὴ ἀποθανέτω ἐν οἴκῳ κυρίου
- 15 Yo pran Atali, yo mennen l' nan palè wa a, bò Pòtay Chwal yo. Se la yo touye l'.
So they put their hands on her, and she went to the king's house by the doorway of the king's horses; and there she was put to death.
καὶ ἔδωκαν αὐτῇ ἄνεσιν καὶ διῆλθεν διὰ τῆς πύλης τῶν ἵππῶν τοῦ οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ ἐθανάτωσαν αὐτὴν ἐκεῖ
- 16 Lè sa a, Jeojada pase yon kontra ak wa a ansanm ak tout pèp la. Dapre kontra a, yo rekonèt se pèp Seyè a yo ye.
And Jehoiada made an agreement between the Lord and all the people and the king, that they would be the Lord's people.
καὶ διέθετο ἰωδασ διαθήκην ἀνὰ μέσον αὐτοῦ καὶ τοῦ λαοῦ καὶ τοῦ βασιλέως εἶναι λαὸν τῷ κυρίῳ
- 17 Lè yo fini, tout pèp la ale nan tanp Baal la, yo demoli l'. Yo kraze tout lotèl yo ak tout estati li yo. Yo touye Matan, prèt Baal la, devan lotèl yo.
Then all the people went to the house of Baal and had it pulled down, and its altars and images broken up; and Mattan, the priest of Baal, they put to death before the altars.
καὶ εἰσῆλθεν πᾶς ὁ λαὸς τῆς γῆς εἰς οἶκον βααλ καὶ κατέσπασαν αὐτὸν καὶ τὰ θυσιαστήρια καὶ τὰ εἰδῶλα αὐτοῦ ἐλέπτυναν καὶ τὸν ματθαν ἱερέα τῆς βααλ ἐθανάτωσαν ἐναντίον τῶν θυσιαστηρίων αὐτοῦ
- 18 Jeojada mete gad pou fè faksyon devan Tanp Seyè a, anba otorite prèt yo ak moun Levi yo ki te reskonsab travay nan Tanp lan. Chak prèt ak chak moun Levi te gen jou pa yo David te ba yo pou yo te pran sèvis pou boule nèt ofrann pou Seyè a, dapre lalwa Moyiz la. Se yo menm tou ki te reskonsab voye chante kè kontan jan David te moutre l' la.
And Jehoiada put the work and the care of the house of the Lord into the hands of the priests and the Levites, who had been grouped in divisions by David to make burned offerings to the Lord, as it is recorded in the law of Moses, with joy and song as David had said.
καὶ ἐνεχείρησεν ἰωδασ ὁ ἱερεὺς τὰ ἔργα οἴκου κυρίου διὰ χειρὸς ἱερέων καὶ λευιτῶν καὶ ἀνέστησεν τὰς ἐφημερίας τῶν ἱερέων καὶ τῶν λευιτῶν ἕς διέστειλεν δαυὶδ ἐπὶ τὸν οἶκον κυρίου καὶ ἀνεγένκα ὀλοκαυτώματα κυρίῳ καθὼς γέγραπται ἐν νόμῳ μουσῆ ἐν εὐφροσύνῃ καὶ ἐν ᾄδαις διὰ χειρὸς δαυὶδ
- 19 Jeojada mete gad an faksyon devan pòtay Tanp lan pou enpoze moun ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a antre.
And he put door-keepers at the doors of the Lord's house, to see that no one who was unclean in any way might come in.
καὶ ἔστησαν οἱ πυλωροὶ ἐπὶ τὰς πύλας οἴκου κυρίου καὶ οὐκ εἰσελεύσεται ἀκάθαρτος εἰς πᾶν πρᾶγμα
- 20 Apre sa, li pran kaptenn yo, notab yo, otorite yo ak tout rèz pèp la, yo soti nan Tanp lan ansanm ak wa a, yo mennen l' ale nan palè a. Yo pase antre nan pòtay Wa a. Lèfini, yo fè wa a chita sou fotèy li.
Then he took the captains of hundreds and the chiefs and the rulers of the people and all the people of the land, and they came down with the king from the house of the Lord through the higher doorway into the king's house, and put the king on the seat of the kingdom.
καὶ ἔλαβεν τοὺς πατριάρχους καὶ τοὺς δυνατοὺς καὶ τοὺς ἄρχοντας τοῦ λαοῦ καὶ πάντα τὸν λαὸν τῆς γῆς καὶ ἀνεβίβασαν τὸν βασιλέα εἰς οἶκον κυρίου καὶ εἰσῆλθεν διὰ τῆς πύλης τῆς ἐσωτέρας εἰς τὸν οἶκον τοῦ βασιλέως καὶ ἐκάθισαν τὸν βασιλέα ἐπὶ τὸν θρόνον τῆς βασιλείας
- 21 Tout pèp la te kontan anpil. Pat gen yon ti bri nan lavil la depi yo te fin touye Atali ak kout nepe a.
So all the people of the land were glad and the town was quiet, for they had put Athaliah to death with the sword.
καὶ ἠψόφρανθη πᾶς ὁ λαὸς τῆς γῆς καὶ ἡ πόλις ἡσύχασεν καὶ τὴν γοθολιαν ἐθανάτωσαν μαχαίρᾳ
- 1 ¶ Joas te gen sètan lè li moute wa. Li pase karantan lavil Jerizalèm ap gouvènen peyi a. Manman l' te yon moun lavil Bècheba ki te rele Zibya.
Joash was seven years old when he became king, and he was ruling for forty years in Jerusalem: his mother's name was Zibiah of Beer-sheba.
ὄν ἐπὶ ἑπτὰ ἔτων ἰωσας ἐν τῷ βασιλεῦσαι αὐτὸν καὶ τεσσαράκοντα ἔτη βασιλεύσεν ἐν ἱερουσαλημ καὶ ὄνομα τῇ μητρὶ αὐτοῦ σαβια ἐκ βηρσαβεε

- 2 Joas te fè sa ki dwat devan Seyè a toutotan Jeojada, prèt la, pa t' ankò mouri.
And Joash did what was right in the eyes of the Lord as long as Jehoiada the priest was living.
καὶ ἐποίησεν ἰωᾶς τὸ εὐθὲς ἐνώπιον κυρίου πάσας τὰς ἡμέρας ἰωᾶε τοῦ ἱερέως
- 3 Jeojada te marye wa a ak de madamm ki ba li pitit gason ak pitit fi.
And Jehoiada took two wives for him, and he became the father of sons and daughters.
καὶ ἔλαβεν αὐτῷ ἰωᾶε γυναῖκας δύο καὶ ἐγέννησεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας
- 4 Kèk tan apre sa, Joas pran desizyon pou l' repare Tanp Seyè a.
Now after this Joash had a desire to put the house of the Lord into good order again;
καὶ ἐγένετο μετὰ ταῦτα καὶ ἐγένετο ἐπὶ καρδίαν ἰωᾶς ἐπισκευάσαι τὸν οἶκον κυρίου
- 5 Li reyini prèt yo ak moun Levi yo, li di yo: -Ale nan tout lavil peyi Jida yo. Ranmase lajan nan men tout pèp la pou repare Tanp lan chak lanne. Souke kò nou, pa mize. Men moun Levi yo pa t' prese.
And getting together the priests and Levites, he said to them, Go out into the towns of Judah year by year, and get from all Israel money to keep the house of your God in good condition; and see that this is done without loss of time. The Levites, however, were slow in doing so.
καὶ συνήγαγον τοὺς ἱερεῖς καὶ τοὺς λευίτας καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἐξέλθατε εἰς τὰς πόλεις ἰουδα καὶ συναγάγετε ἀπὸ παντὸς ἰσραηλ ἀργύριον κατισχύσαι τὸν οἶκον κυρίου ἐνιαυτὸν κατ' ἐνιαυτὸν καὶ σπεύσθε ἀτε λαλήσαι καὶ οὐκ ἔσπευσαν οἱ λευῖται
- 6 Lè sa a, wa a fè rele Jeojada, granprèt la, li di l' konsa: -Poukisa ou pa rele dèyè moun Levi yo pou yo ranmase nan men moun peyi Jida yo ak moun lavil Jerizalèm yo lajan Moyiz, sèvitè Seyè a, ansanm ak tout pèp Izrayèl la te dakò pou yo egzije pèp la bay pou Tanp Randevou a?
Then the king sent for Jehoiada, the chief priest, and said to him, Why have you not given the Levites orders that the tax fixed by Moses, the servant of the Lord, and by the meeting of Israel, for the Tent of witness, is to be got in from Judah and Jerusalem and handed over?
καὶ ἐκάλεσεν ὁ βασιλεὺς ἰωᾶς τὸν ἰωᾶε τὸν ἄρχοντα καὶ εἶπεν αὐτῷ διὰ τί οὐκ ἐπεσκέψω περὶ τῶν λευιτῶν τοῦ εἰσενέγκαι ἀπὸ ἰουδα καὶ ἱερουσαλημ τὸ κεκριμένον ὑπὸ μουσῆ ἀνθρώπου τοῦ θεοῦ ὃ τε ἐξεκκλησίασεν τὸν ἰσραηλ εἰς τὴν σκηνὴν τοῦ μαρτυρίου
- 7 Atali ki te yon fanm vèmen ansanm ak moun pa l' yo te antre fè dega nan Tanp Seyè a. Yo te pran bagay yo te mete apa pou Bondye nan Tanp lan pou fè sèvis pou Baal li yo.
For the house of the Lord had been broken up by Athaliah, that evil woman, and her sons; and all its holy things they had given to the Baals.
ὅτι γοθολια ἦν ἡ ἄνομος καὶ οἱ υἱοὶ αὐτῆς κατέσπασαν τὸν οἶκον τοῦ θεοῦ καὶ γὰρ τὰ ἅγια οἴκου κυρίου ἐποίησαν ταῖς βααλιμ
- 8 Lè sa a wa a bay lòd pou yo fè yon gwo bwat pou yo mete bò pòtay Tanp lan, sou deyò.
So at the king's order they made a chest and put it outside the doorway of the house of the Lord.
καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς γενηθήτω γλωσσόκομον καὶ τεθήτω ἐν πύλῃ οἴκου κυρίου ἕξω
- 9 Apre sa, li voye fè konnen nan tout lavil Jerizalèm ak nan peyi Jida pou tout moun pote bay Seyè a lajan Moyiz, sèvitè Bondye a, te mande pèp Izrayèl la bay lè yo te nan dezè a.
And an order was sent out through all Judah and Jerusalem that payment was to be made to the Lord of the tax which Moses, the servant of God, had put on Israel in the waste land.
καὶ κηρυζάτωσαν ἐν ἰουδα καὶ ἐν ἱερουσαλημ εἰσενέγκαι κυρίῳ καθὼς εἶπεν μουσῆς ταῖς τοῦ θεοῦ ἐπὶ τὸν ἰσραηλ ἐν τῇ ἐρήμῳ
- 10 Sa te fè tout chèf yo ak tout pèp la kontan. Yo pote lajan taks la, yo mete l' nan bwat la jouk li rive plen.
And all the chiefs and all the people came gladly and put their money into the chest, till they had all given.
καὶ ἔδωκαν πάντες ἄρχοντες καὶ πᾶς ὁ λαὸς καὶ εἰσέφερον καὶ ἐνέβαλλον εἰς τὸ γλωσσόκομον ἕως οὗ ἐπληρώθη
- 11 Chak jou, moun Levi yo te pote bwat la bay chèf wa a te mete reskonsab pou sa. Lè yo wè bwat la plen, sekretè wa a ak komisè granprèt la te delege pou sa a wete lajan an. Apre sa, yo mete bwat vid la nan plas li ankò. Yo te fè sa chak jou. Konsa yo te ranmase anpil lajan.
So when the chest was taken to the king's servants by the Levites, and they saw that there was much money in it, the king's scribe and the chief priest's servant took the money out, and put the chest back in its place. They did this day by day, and got together a great amount of money.
καὶ ἐγένετο ὡς εἰσέφερον τὸ γλωσσόκομον πρὸς τοὺς προστάτας τοῦ βασιλέως διὰ χειρὸς τῶν λευιτῶν καὶ ὡς εἶδον ὅτι ἐπλεόνασεν τὸ ἀργύριον καὶ ἦλθεν ὁ γραμματεὺς τοῦ βασιλέως καὶ ὁ προστάτης τοῦ ἱερέως τοῦ μεγάλου καὶ ἐξεκένωσαν τὸ γλωσσόκομον καὶ κατέστησαν εἰς τὸν τόπον αὐτοῦ οὕτως ἐποίουν ἡμέραν ἐξ ἡμέρας καὶ συνήγαγον ἀργύριον πολὺ
- 12 Wa a ak Jeojada renmèt lajan an bay moun ki te reskonsab repare Tanp Seyè a. Moun sa yo menm te anlwaye mason ak chapant sou kontra pou repare Tanp Seyè a. Yo te anlwaye bès ki gen ladrès pou travay fè ak kwiv pou repare Tanp lan tou.
Then the king and Jehoiada gave it to those who were responsible for getting the work done on the Lord's house, and with it they got wall-builders and woodworkers and metal-workers to put the house of the Lord in good order again.
καὶ ἔδωκεν αὐτὸ ὁ βασιλεὺς καὶ ἰωᾶε ὁ ἱερεὺς τοῖς ποιούσιν τὰ ἔργα εἰς τὴν ἐργασίαν οἴκου κυρίου καὶ ἐμισθοῦντο λατόμους καὶ τέκτονας ἐπισκευάσαι τὸν οἶκον κυρίου καὶ χαλκεῖς σιδήρου καὶ χαλκοῦ ἐπισκευάσαι τὸν οἶκον κυρίου

- 13 Tout moun ki te reskonsab travay la mete men. Yo repare Tanp lan, yo mete l' jan l' te ye anvan an, yo fè l' byen solid.
So the workmen did their work, making good what was damaged and building up the house of God till it was strong and beautiful again.
καὶ ἐποίουν οἱ ποιούντες τὰ ἔργα καὶ ἀνέβη μῆκος τῶν ἔργων ἐν χερσίν αὐτῶν καὶ ἀνέστησαν τὸν οἶκον κυρίου ἐπὶ τὴν στάσιν αὐτοῦ καὶ ἐνίσχυσαν
- 14 Lè yo fini ak travay reparasyon an, yo pote rès lò ak rès ajan an renmèt wa a ak Jeojada ki sèvi avèk yo pou fè bagay pou Tanp Seyè a, tankou bòl ak veso yo bezwen lè y'ap fè sèvis, lè y'ap boule bèt yo touye pou Bondye ak tout kalite veso an lò ak an ajan. Pandan tout tan Jeojada te la a, yo pa te sispann boule bèt nèt nan dife nan Tanp Seyè a jan pou yo fè l' la.
And when the work was done, they took the rest of the money to the king and Jehoiada, and it was used for making the vessels for the house of the Lord, all the vessels needed for the offerings, the spoons and the vessels of gold and silver. And as long as Jehoiada was living, the regular burned offerings were offered in the house of the Lord.
καὶ ὡς συνετέλεσαν ἤνεγκαν πρὸς τὸν βασιλέα καὶ πρὸς ἰωδαε τὸ κατάλοιπον τοῦ ἀργυρίου καὶ ἐποίησαν σκευὴ εἰς οἶκον κυρίου σκευὴ λειτουργικὰ ὀλοκαυτωμάτων καὶ θυσίας χρυσαῖς καὶ ἀργυρᾶς καὶ ἀνήνεγκαν ὀλοκαυτώσεις ἐν οἴκῳ κυρίου διὰ παντὸς πάσας τὰς ἡμέρας ἰωδαε
- 15 ¶ Men, Jeojada te fin vye granmoun. Li te gen santrantan lè li mourì.
But Jehoiada became old and full of days, and he came to his end; he was a hundred and thirty years old at the time of his death.
καὶ ἐγήρασεν ἰωδαε πλήρης ἡμερῶν καὶ ἐτελεύτησεν ὢν ἑκατὸν καὶ τριάκοντα ἔτων ἐν τῷ τελευτᾶν αὐτόν
- 16 Yo antere l' nan tonm wa yo nan lavil David la, paske li te fè anpil pou pèp Izrayèl la, pou Bondye ak pou Tanp li a.
And they put him into his last resting-place in the town of David, among the kings, because he had done good in Israel for God and for his house.
καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν πόλει δαυὶδ μετὰ τῶν βασιλέων ὅτι ἐποίησεν ἀγαθοσύνην μετὰ ἰσραὴλ καὶ μετὰ τοῦ θεοῦ καὶ τοῦ οἴκου αὐτοῦ
- 17 Mouri Jeojada mourì, chèf peyi Jida yo vin jwenn wa a, yo bese tèt jouk atè devan li. Wa a koute konsèy yo.
Now after the death of Jehoiada, the chiefs of Judah came and went down on their faces before the king. Then the king gave ear to them.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὴν τελευτὴν ἰωδαε εἰσῆλθον οἱ ἄρχοντες ἰουδα καὶ προσεκύνησαν τὸν βασιλέα τότε ἐπήκουσεν αὐτοῖς ὁ βασιλεὺς
- 18 Se konsa pèp la sispann sèvi Bondye zansèt yo nan Tanp Seyè a, yo tanmen fè sèvis pou estati Achera yo ak pou lòt zidòl. Poutèt peche sa a, Seyè a fache anpil sou peyi Jida ak sou lavil Jerizalèm.
And they gave up the house of the Lord God of their fathers, and became worshippers of pillars of wood and of the images; and because of this sin of theirs, wrath came on Judah and Jerusalem.
καὶ ἐγκατέλιπον τὸν κύριον θεὸν τῶν πατέρων αὐτῶν καὶ ἐδοῦλουν ταῖς ἀστάρταις καὶ τοῖς εἰδώλοις καὶ ἐγένετο ὀργὴ ἐπὶ ἰουδα καὶ ἐπὶ ἱερουσαλημ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ταύτῃ
- 19 Seyè a voye pwofèt pou fè pèp la tounen vin jwenn li, men pèp la derefize koute sa pwofèt yo t'ap di yo.
And the Lord sent them prophets to make them come back to him; and they gave witness against them, but they would not give ear.
καὶ ἀπέστειλεν πρὸς αὐτοὺς προφήτας ἐπιστρέψαι πρὸς κύριον καὶ οὐκ ἤκουσαν καὶ διεμαρτύραντο αὐτοῖς καὶ οὐκ ἤκουσαν
- 20 Lè sa a, lespri Bondye desann sou Zakari, pitit gason Jeojada, prèt la. li al kanpe yon kote pou tout pèp la wè l', li di yo konsa: -Seyè a, Bondye a mande poukisa nou pa vle swiv kòmandman li yo kifè n'ap rale malè sou nou konsa? Nou vire do ba li, l'ap vire do ban nou nou!
Then the spirit of God came on Zechariah, the son of Jehoiada the priest, and, getting up before the people, he said to them, God has said, Why do you go against the orders of the Lord, so that everything goes badly for you? because you have given up the Lord, he has given you up.
καὶ πνεῦμα θεοῦ ἐνέδυσεν τὸν αζαριαν τὸν τοῦ ἰωδαε τὸν ἱερέα καὶ ἀνέστη ἐπάνω τοῦ λαοῦ καὶ εἶπεν τάδε λέγει κύριος τί παραπορεύεσθε τὰς ἐντολάς κυρίου καὶ οὐκ εὐδοθήσεσθε ὅτι ἐγκατελίπετε τὸν κύριον καὶ ἐγκαταλείπει ὑμᾶς
- 21 Men pèp la fè konplo sou do Zakari. Wa a bay lòd pou yo touye l' ak kout wòch nan gran lakou Tanp Seyè a.
But when they had made a secret design against him, he was stoned with stones, by the king's order, in the outer square of the Lord's house.
καὶ ἐπέθεντο αὐτῷ καὶ ἐλιθοβόλησαν αὐτὸν δι' ἐντολῆς ἰωας τοῦ βασιλέως ἐν αὐτῷ οἴκῳ κυρίου
- 22 Joas te bliye tout byen Jeojada, papa Zakari, te fè pou li, li fè touye Zakari. Anvan Zakari rann dènve souf li, li di byen fò: -Se pou Seyè a wè sa ou fè la a, se pou l' pini ou pou sa!
So King Joash did not keep in mind how good Jehoiada his father had been to him, but put his son to death. And in the hour of his death he said, May the Lord see it and take payment!
καὶ οὐκ ἐμνήσθη ἰωας τοῦ ἐλέους οὗ ἐποίησεν μετ' αὐτοῦ ἰωδαε ὁ πατὴρ αὐτοῦ καὶ ἐθανάτωσεν τὸν υἱὸν αὐτοῦ καὶ ὡς ἀπέθνησκειν εἶπεν ἴδοι κύριος καὶ κρινάτω
- 23 Menm lanne sa a, lè sezon prentan rive, lame peyi Siri a atake wa Joas, yo anvayi peyi Jida ak lavil Jerizalèm. Yo touye tout chèf yo, yo piye peyi a, yo voye tou sa yo te pran bay wa lavil Damas la.
Now in the spring, the army of the Aramaeans came up against him; they came against Judah and Jerusalem, putting to death all the great men of the people and sending all the goods they took from them to the king of Damascus.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὴν συντέλειαν τοῦ ἐνιαυτοῦ ἀνέβη ἐπ' αὐτὸν δύναμις συρίας καὶ ἦλθεν ἐπὶ ἰουδα καὶ ἐπὶ ἱερουσαλημ καὶ κατέφθειραν πάντας τοὺς ἄρχοντας τοῦ λαοῦ ἐν τῷ λαῷ καὶ πάντα τὰ σκεῦα αὐτῶν ἀπέστειλαν τῷ βασιλεῖ δαμασκοῦ

- 24 **Lame peyi Siri a pa t' anpil, men Seyè a te kite l' kraze yon lame ki te plis pase yo lontan paske pèp Jida a te vire do bay Seyè a, Bondye zansèt yo a. Se konsa Joas t'ap soufri nan men moun Siri yo pou sa l' te fè a.**
For though the army of Aram was only a small one, the Lord gave a very great army into their hands, because they had given up the Lord, the God of their fathers. So they put into effect the punishment of Joash.
ὅτι ἐν ὀλίγοις ἀνδράσιν παρεγένετο δύναμις συρίας καὶ ὁ θεὸς παρέδωκεν εἰς τὰς χεῖρας αὐτῶν δύναμιν πολλὴν σφόδρα ὅτι ἐγκατέλιπον κύριον θεὸν τῶν πατέρων αὐτῶν καὶ μετὰ ἰωᾶς ἐποίησεν κρίματα
- 25 **Lè moun Siri yo wete kò yo, yo kite wa a malad grav. De nan chèf ki t'ap sèvi avè l' yo fè konplo sou do l' pou yo tire revanj lanmò pitit Jeojada, prèt la. Yo touye wa a sou kabann li. Yo antere l' nan lavil David la, men yo pa mete l' nan tonm wa yo.**
And when they had gone away from him, (for he was broken with disease,) his servants made a secret design against him because of the blood of the son of Jehoiada the priest, and they put him to death on his bed; and they put his body into the earth in the town of David, but not in the resting-place of the kings.
καὶ μετὰ τὸ ἀπελθεῖν αὐτοῦ ἀπ' αὐτοῦ ἐν τῷ ἐγκαταλιπεῖν αὐτὸν ἐν μαλακίαις μεγάλαις καὶ ἐπέθεντο αὐτῷ οἱ παῖδες αὐτοῦ ἐν αἵμασιν υἱοῦ ἰωδαε τοῦ ἱερέως καὶ ἐθανάτωσαν αὐτὸν ἐπὶ τῆς κλίνης αὐτοῦ καὶ ἀπέθανεν καὶ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν πόλει δαυὶδ καὶ οὐκ ἔθαψαν αὐτὸν ἐν τῷ τάφῳ τῶν βασιλέων
- 26 **Men non chèf ki te fè konplo a: se te Zabad, pitit gason Chimeya, yon fanm peyi Amon ak Jeozabad, pitit Chimrit, yon fanm peyi Moab.**
Those who made designs against him were Zabad, the son of Shimeath, an Ammonite woman, and Jehozabad, the son of Shimrith, a Moabite woman.
καὶ οἱ ἐπιθέμενοι ἐπ' αὐτὸν ζαβεδ ὁ τοῦ σαμαθ ὁ αμμανίτης καὶ ἰωζαβεδ ὁ τοῦ σομαρωθ ὁ μοαβίτης
- 27 **Nan esplikasyon yo bay sou liv wa yo, n'a jwenn istwa pitit gason Joas yo, mesaj pwofèt yo te bay sou li, epi yo rakonte ki jan li te rebati Tanp Bondye a. Se Amasya, pitit Joas la, ki moute wa nan plas li.**
Now the story of his sons, and all the words said by the prophet against him, and the building up again of the Lord's house, are recorded in the account in the book of the kings. And Amaziah his son became king in his place.
καὶ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ πάντες καὶ προσήλθον αὐτῷ οἱ πέντε καὶ τὰ λοιπὰ ἰδοὺ γεγραμμένα ἐπὶ τὴν γραφὴν τῶν βασιλέων καὶ ἐβασίλευσεν αμασιας υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ **Amasya te gen vennsenkan lè li moute wa. Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan ventnevan. Manman l' te rele Jeojadan, moun lavil Jerizalèm.**
Amaziah was twenty-five years old when he became king, and he was ruling in Jerusalem for twenty-nine years; his mother's name was Jehoaddan of Jerusalem.
ὦν πέντε καὶ εἴκοσι ἔτων ἐβασίλευσεν αμασιας καὶ εἴκοσι ἑννέα ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλημ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ ἰωαδεν ἀπὸ ἱερουσαλημ
- 2 **Amasya te fè sa ki dwat devan Seyè a, men pa ak tout kè li.**
He did what was right in the eyes of the Lord, but his heart was not completely true to the Lord.
καὶ ἐποίησεν τὸ εὐθὲς ἐνώπιον κυρίου ἄλλ' οὐκ ἐν καρδίᾳ πλήρει
- 3 **Lè Amasya fin chita otorite l', li fè touye chèf lame ki t'ap sèvi avè l' yo epi ki te touye papa l'.**
Now when he became strong in the kingdom, he put to death those men who had taken the life of the king his father.
καὶ ἐγένετο ὡς κατέστη ἡ βασιλεία ἐν χειρὶ αὐτοῦ καὶ ἐθανάτωσεν τοὺς παῖδας αὐτοῦ τοὺς φονεύσαντας τὸν βασιλέα πατέρα αὐτοῦ
- 4 **Men li pa t' manyen pitit ansasen sa yo, paske dapre sa ki ekri nan Liv lalwa Moyiz la, Bondye te bay lòd sa a: Nou pa gen dwa touye yon papa pou krim pitit li fè. Ni nou pa gen dwa touye yon pitit pou krim papa l' te fè. Y'a touye yon moun pou krim li memm li fè.**
But he did not put their children to death, for he kept the orders of the Lord recorded in the book of the law of Moses, saying, The fathers are not to be put to death for their children or the children for their fathers, but a man is to be put to death for the sin which he himself has done.
καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτῶν οὐκ ἀπέκτεινεν κατὰ τὴν διαθήκην τοῦ νόμου κυρίου καθὼς γέγραπται ὡς ἐνετείλατο κύριος λέγων οὐκ ἀποθανοῦνται πατέρες ὑπὲρ τέκνων καὶ υἱοὶ οὐκ ἀποθανοῦνται ὑπὲρ πατέρων ἄλλ' ἢ ἕκαστος τῆ ἑαυτοῦ ἁμαρτία ἀποθανοῦνται
- 5 **Amasya reyini tout gason nan branch fanmi Jida yo ak nan branch fanmi Benjamen yo, li moute yon lame, chak fanmi apa. Li mete yon chèf alatèt chak rejiman mil sòlda ak yon chèf alatèt chak divizyon san sòlda. Li fè konte tout gason ki te gen ventan ak sa ki te gen ventan depase. Li fè kouche yo sou rejis. Li jwenn te gen twasanmil (300.000) sòlda ki te pi bon nan sèvi ak zam, ki te pare pou fè lagè, ki te gen ladrès pou sèvi ak frenn ak gwo plak pwotèj.**
Then Amaziah got all Judah together and put them in order by their families, even all Judah and Benjamin, under captains of thousands and captains of hundreds: and he had those of twenty years old and over numbered, and they came to three hundred thousand of the best fighting-men, trained for war and in the use of the spear and the body-cover.
καὶ συνήγαγεν αμασιας τὸν οἶκον ἰουδα καὶ ἀνέστησεν αὐτοὺς κατ' οἴκους πατριῶν αὐτῶν εἰς χιλιάρχους καὶ ἑκατοντάρχους ἐν παντὶ ἰουδα καὶ ἱερουσαλημ καὶ ἠρίθμησεν αὐτοὺς ἀπὸ εἰκοσαετοῦς καὶ ἰ ἐπάνω καὶ εὔρεν αὐτοὺς τριακοσίας χιλιάδας δυνατοὺς ἐξελεῖν εἰς πόλεμον κρατοῦντας δόρυ καὶ θυρεόν
- 6 **Lèfini, li pran sanmil (100.000) vanyan sòlda nan peyi Izrayèl, li peye yo chak twasan (300) kilo ajan pou yo goumen pou li.**
And for a hundred talents of silver, he got a hundred thousand fighting-men from Israel.
καὶ ἐμισθώσατο ἀπὸ ἰσραηλ ἑκατὸν χιλιάδας δυνατοὺς ἰσχύϊ ἑκατὸν τάλάντων ἀργυρίου

- 7 Men yon pwofèt Bondye vin di li: -Monwa, pa pran sòlda peyi Izrayèl sa yo ak ou nan lame a, paske Seyè a pa avèk moun peyi Izrayèl yo, avèk bann pitit Efrayim sa yo.
But a man of God came to him, saying, O king, let not the army of Israel go with you; for the Lord is not with Israel, that is, the children of Ephraim.
καὶ ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ ἦλθεν πρὸς αὐτὸν λέγων βασιλεῦ οὐ πορεύσεται μετὰ σοῦ δύναμις ἰσραὴλ ὅτι οὐκ ἔστιν κύριος μετὰ ἰσραὴλ πάντων τῶν υἱῶν εφραϊμ
- 8 Paske si ou konprann ou ka ranfòse lame ou la avèk moun sa yo pou ou al fè lagè, Bondye ap fè ou bese tèt devan lènmi ou yo, paske se Bondye ki gen pouvwa pou fè ou genyen osinon pou fè ou pèdi batay la.
But go yourself, and be strong in war; God will not let you go down before those who are fighting against you; for God has power to give help or to send you down before your attackers.
ὅτι ἐὰν ὑπολάβῃς κατισχύσαι ἐν τούτοις καὶ τροπώσεται σε κύριος ἐναντίον τῶν ἐχθρῶν ὅτι ἔστιν παρὰ κυρίου καὶ ἰσχύσαι καὶ τροπώσασθαι
- 9 Amasya mande pwofèt Bondye a: -Bon, sa k'ap rive twa san kilo ajan sa yo mwen deja bay sòlda peyi Izrayèl yo? Pwofèt la reponn li: -Seyè a ka renmèt ou plis pase sa!
Then Amaziah said to the man of God, But what is to be done about the hundred talents which I have given for the armed band of Israel? And the man of God in answer said, God is able to give you much more than this.
καὶ εἶπεν αμασιας τῷ ἀνθρώπῳ τοῦ θεοῦ καὶ τί ποιήσω τὰ ἑκατὸν τάλαντα ἃ ἔδωκα τῇ δυνάμει ἰσραὴλ καὶ εἶπεν ὁ ἄνθρωπος τοῦ θεοῦ ἔστιν τῷ κυρίῳ δοῦναί σοι πλείστα τούτων
- 10 Se konsa Amasya fè sòlda li te fè vini soti nan peyi Efrayim yo mete kò yo sou kote, li voye yo al fè wout yo lakay yo. Men sòlda sa yo te fache anpil sou moun peyi Jida yo poutèt sa. Yo tounen lakay yo byen move.
So Amaziah, separating the armed band which had come to him from Ephraim, sent them back again; which made them very angry with Judah, and they went back burning with wrath.
καὶ διεχώρισεν αμασιας τῇ δυνάμει τῇ ἐλθοῦσῃ πρὸς αὐτὸν ἀπὸ εφραϊμ ἀπελθεῖν εἰς τὸν τόπον αὐτῶν καὶ ἐθυμώθησαν σφόδρα ἐπὶ ἰουδα καὶ ἐπέστρεψαν εἰς τὸν τόπον αὐτῶν ἐν ὀργῇ θυμοῦ
- 11 Amasya mete gason sou li, li mennen lame li a nan Fon Sale a kote li touye dimil (10.000) moun mòn Seyi.
Then Amaziah took heart, and went out at the head of his people and came to the Valley of Salt, where he put to death ten thousand of the children of Seir;
καὶ αμασιας κατίσχυσεν καὶ παρέλαβεν τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ ἐπορεύθη εἰς τὴν κοιλάδα τῶν ἁλῶν καὶ ἐπάταξεν ἐκεῖ τοὺς υἱοὺς σιμὼν δέκα χιλιάδας
- 12 Sòlda peyi Jida yo fè dimil (10.000) prizonye met sou sa. Yo pran yo, yo mennen yo sou tèt yon falèz, yo lage yo anba kote yo mouri kraze.
And ten thousand more the children of Israel took living, and made them go up to the top of the rock, pushing them down from the top of the rock so that their bodies were broken by the fall.
καὶ δέκα χιλιάδας ἐζώγησαν οἱ υἱοὶ ἰουδα καὶ ἔφερον αὐτοὺς ἐπὶ τὸ ἄκρον τοῦ κρημοῦ καὶ κατεκρήμνιζον αὐτοὺς ἀπὸ τοῦ ἄκρου τοῦ κρημοῦ καὶ πάντες διερρήγγυντο
- 13 Men, sòlda Amasya te voye tounen lakay yo pou yo pa ale nan lagè ansanm avè l' yo, anvayi lavil peyi Jida yo, depi lavil Samari rive lavil Bèton. Yo touye twamil (3.000) moun, yo pran yon pakèt bagay pote ale.
But the men of the band which Amaziah sent back and did not take with him to the fight, made attacks on the towns of Judah from Samaria to Beth-horon, putting to death three thousand of their people and taking away a great store of their goods.
καὶ οἱ υἱοὶ τῆς δυνάμεως οὗς ἀπέστρεψεν αμασιας τοῦ μὴ πορευθῆναι μετ' αὐτοῦ εἰς πόλεμον καὶ ἐπέθεντο ἐπὶ τὰς πόλεις ἰουδα ἀπὸ σαμαρείας ἕως βαιθωρων καὶ ἐπάταξαν ἐν αὐτοῖς τρεῖς χιλιάδας καὶ αἰ ἐσκύλευσαν σκύλα πολλὰ
- 14 ¶ Lè Amasya t'ap tounen apre li fin kraze moun peyi Edon yo, li pran bondye moun mòn Seyi yo avè l'. Li fè yo tounen bondye pa l', li sèvi yo, li boule lansan pou yo.
Now when Amaziah came back from the destruction of the Edomites, he took the gods of the children of Seir and made them his gods, worshipping them and burning offerings before them.
καὶ ἐγένετο μετὰ τὸ ἔλθειν αμασιαν πατάξαντα τὴν ἰδουμαϊαν καὶ ἦνεγκεν πρὸς αὐτοὺς τοὺς θεοὺς υἱῶν σιμὼν καὶ ἔστησεν αὐτοὺς ἑαυτῷ εἰς θεοὺς καὶ ἐναντίον αὐτῶν προσεκύνει καὶ αὐτοῖς αὐτὸς ἔθουεν
- 15 Seyè a fache kont Amasya. Li voye yon pwofèt pou di l' konsa: -Poukisa koulye a ou pran sèvi bondye yon pèp ki pa t' ka sove pèp sa a anba men ou?
And so the wrath of the Lord was moved against Amaziah, and he sent a prophet to him, who said, Why have you gone after the gods of the people who have not given their people salvation from your hands?
καὶ ἐγένετο ὀργὴ κυρίου ἐπὶ αμασιαν καὶ ἀπέστειλεν αὐτῷ προφήτας καὶ εἶπαν αὐτῷ τί ἐζήτησας τοὺς θεοὺς τοῦ λαοῦ οἱ οὐκ ἐξείλαντο τὸν λαὸν αὐτῶν ἐκ χειρὸς σου
- 16 Amasya koupe l' lapawòl, li di li: -Depi kilè mwen te nonmen ou konseye wa a? Pe la, si ou pa bezwen m' fè yo wonpi ou! Pwofèt la rete sou sa l' t'ap di a, men li di: -Koulye a mwen konnen Bondye pran desizyon pou l' fini avè ou vre, paske ou fè sa ou fè a, epi ou pa vle koute konsèy mwen.
But while he was talking to him the king said to him, Have we made you one of the king's government? say no more, or it will be the cause of your death. Then the prophet gave up protesting, and said, It is clear to me that God's purpose is your destruction, because you have done this and have not given ear to my words.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ λαλῆσαι αὐτῷ καὶ εἶπεν αὐτῷ μὴ σύμβουλον τοῦ βασιλέως δέδοκά σε πρόσεχε μὴ μαστιγώθῃς καὶ ἐσιώπησεν ὁ προφήτης καὶ εἶπεν ὅτι γινώσκω ὅτι ἐβούλετο ἐπὶ σοὶ τοῦ καταφθεῖραι σε ὅτι ἐποίησας τοῦτο καὶ οὐκ ἐπήκουσας τῆς συμβουλίας μου
- 17 ¶ Men Amasya, wa peyi Jida a, koute konsèy lòt moun, li voye misyon bay Joas, pitit Joakaz, pitit pitit Jeou, wa peyi Izrayèl la, li di l': -Vini non! Ann wè sa ki pi fò!
Then Amaziah, king of Judah, acting on the suggestion of his servants, sent to Joash, the son of Jehoahaz, the son of Jehu, king of Israel, saying, Come, let us have a meeting face to face.
καὶ ἐβουλεύσατο αμασιας καὶ ἀπέστειλεν πρὸς ἰωασ υἱὸν ἰωαχαζ υἱοῦ ἰου βασιλέα ἰσραὴλ λέγων δεῦρο ὀφθόμεν προσώποις

- 18 Men, Joas voye reponn li: -Yon jou, yon pye pikan ki te sou mòn Liban an voye yon misyon bay yon pye sèd. Li di l': Bay pitit gason m' lan pitit fi ou la pou l' marye avè l'. Yon bèt bwa pase bò la, li kraze pye pikan an.
 And Joash, king of Israel, sent to Amaziah, king of Judah, saying, The thorn-tree in Lebanon sent to the cedar in Lebanon, saying, Give your daughter to my son for a wife: and a beast from the woodland in Lebanon went by, crushing the thorn under his feet.
 και ἀπέστειλεν ἰωας βασιλεὺς ἰσραὴλ πρὸς αμασιαν βασιλέα ἰουδα λέγων ὁ ἀχουχ ὁ ἐν τῷ λιβάνῳ ἀπέστειλεν πρὸς τὴν κέδρον τὴν ἐν τῷ λιβάνῳ λέγων δὸς τὴν θυγατέρα σου τῷ υἱῷ μου εἰς γυναῖκα καὶ αἰ ἰδοῦ ἐλεύσεται τὰ θηρία τοῦ ἀγροῦ τὰ ἐν τῷ λιβάνῳ καὶ ἦλθαν τὰ θηρία καὶ κατεπάτησαν τὸν ἀχουχ
- 19 Amasya, ou di ou kraze moun peyi Edon yo, koulye a, ou kite lògèy vire tèt ou. Men pito ou rete chita lakay ou tande! Poukisa pou w'ap chache traka bay kò ou epi pou sa pase mal ni pou ou, ni pou peyi Jida a?
 You say, See, I have overcome Edom; and your heart is lifted up with pride: now keep in your country; why do you make causes of trouble, putting yourself, and Judah with you, in danger of downfall?
 εἶπας ἰδοῦ ἐπάταξας τὴν ἰδουμαϊαν καὶ ἐπαίρει σε ἡ καρδία ἢ βαρεῖα νῦν κάθησο ἐν οἴκῳ σου καὶ ἵνα τί συμβάλλεις ἐν κακίᾳ καὶ πεσῆ σὺ καὶ ἰουδας μετὰ σοῦ
- 20 Men Amasya derefize koute l'. Paske se te volonte Bondye pou l' te lage l' nan men Joas poutèt li te pran sèvi bondye pèp Edon yo.
 But Amaziah gave no attention; and this was the purpose of God, so that he might give them up into the hands of Joash, because they had gone after the gods of Edom.
 και οὐκ ἤκουσεν αμασιαις ὅτι παρὰ κυρίου ἐγένετο τοῦ παραδοῦναι αὐτὸν εἰς χεῖρας ὅτι ἐξεζήτησεν τοὺς θεοὺς τῶν ἰδουμαίων
- 21 Se konsa Joas soti ak lame li pou l' al goumen ak Amasya bò lavil Bètchemès, nan peyi Jida.
 And so Joash, king of Israel, went up; and he and Amaziah, king of Judah, came face to face at Beth-shemesh in Judah.
 και ἀνέβη ἰωας βασιλεὺς ἰσραὴλ καὶ ὄφθησαν ἀλλήλοις αὐτὸς καὶ αμασιαις βασιλεὺς ἰουδα ἐν βαιθσαμυς ἣ ἐστὶν τοῦ ἰουδα
- 22 Lame Izrayèl la bat lame Jida a byen bat. Tout sòlda peyi Jida yo vole gaye, yo kouri al lakay yo.
 And Judah was overcome before Israel, and they went in flight, every man to his tent.
 και ἐτροπώθη ἰουδας κατὰ πρόσωπον ἰσραὴλ καὶ ἔφυγεν ἕκαστος εἰς τὸ σκηνώμα
- 23 Joas, wa peyi Izrayèl la, fe Amasya, pitit Joas, pitit pitit Joakaz, wa peyi Jida a, prizonnye lavil Bètchemès. Lèfini, li mache sou lavil Jerizalèm. Li kraze miray lavil la sou yon longè ki pran depi nan pòtay Efrayim lan rive jouk bò pòtay Kwen an. Sa te fè antou
 And Joash, king of Israel, made Amaziah, king of Judah, the son of Joash, the son of Jehoahaz, prisoner at Beth-shemesh, and took him to Jerusalem; and he had the wall of Jerusalem pulled down from the doorway of Ephraim to the doorway in the angle, four hundred cubits.
 και τὸν αμασιαν βασιλέα ἰουδα τὸν τοῦ ἰωας κατέλαβεν ἰωας βασιλεὺς ἰσραὴλ ἐν βαιθσαμυς καὶ εἰσήγαγεν αὐτὸν εἰς ἱερουσαλημ καὶ κατέσπασεν ἀπὸ τοῦ τείχους ἱερουσαλημ ἀπὸ πύλης εφραιμ ἕως πύλης γωνίας τετρακοσίων πήχεις
- 24 Li pran dènne bagay an lò ak an ajan li jwenn, tou sa ki te nan Tanp Seyè a sou konte Obèd-Edon, ak tout richès ki te nan palè a, san konte kantite moun li te fè prizonnye tankou yon garanti. Apre sa, li tounen tounen l' lavil Samari.
 And he took all the gold and silver and all the vessels which were in the house of the Lord, under the care of Obed-edom, and all the wealth from the king's house, as well as those whose lives would be the price of broken faith, and went back to Samaria.
 και πᾶν τὸ χρυσιὸν καὶ τὸ ἀργύριον καὶ πάντα τὰ σκεῦῃ τὰ εὐρεθέντα ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ παρὰ τῷ ἀβδεδομ καὶ τοὺς θησαυροὺς οἴκου τοῦ βασιλέως καὶ τοὺς υἱοὺς τῶν συμμίξεων καὶ ἐπέστρεψεν εἰς σαμάρειαν
- 25 Amasya, wa peyi Jida a, te viv kenzan ankò apre lanmò Joas, pitit Joakaz, wa peyi Izrayèl la.
 Amaziah, son of Joash, king of Judah, went on living for fifteen years after the death of Joash, the son of Jehoahaz, king of Israel.
 και ἔζησεν αμασιαις ὁ τοῦ ἰωας βασιλεὺς ἰουδα μετὰ τὸ ἀποθανεῖν ἰωας τὸν τοῦ ἰωαχαζ βασιλέα ἰσραὴλ ἔτη δέκα πέντε
- 26 Tout rès istwa Amasya a, depi premye jou li te moute wa a rive jouk dènne jou a, tou sa ekri nan liv Istwa Wa peyi Izrayèl yo.
 Now the rest of the acts of Amaziah, first and last, are they not recorded in the book of the kings of Judah and Israel?
 και οἱ λοιποὶ λόγοι αμασιου οἱ πρῶτοι καὶ οἱ ἔσχατοι οὐκ ἰδοῦ γεγραμμένοι ἐπὶ βιβλίου βασιλέων ἰουδα καὶ ἰσραὴλ
- 27 Depi lè Amasya te lage pye Seyè a, yo t'ap fè konplo sou do l' lavil Jerizalèm. Bout pou bout, li kouri al kache lavil lakis. Men, yo voye dèyè l' jouk lavil lakis, yo pran l', yo touye l'.
 Now from the time when Amaziah gave up worshipping the Lord, they made secret designs against him in Jerusalem; and he went in flight to Lachish: but they sent to Lachish after him and put him to death there.
 και ἐν τῷ καιρῷ ᾧ ἀπέστη αμασιαις ἀπὸ κυρίου καὶ ἐπέθεντο αὐτῷ ἐπίθεσιν καὶ ἔφυγεν ἀπὸ ἱερουσαλημ εἰς λαχίς καὶ ἀπέστειλαν κατόπισθεν αὐτοῦ εἰς λαχίς καὶ ἐθανάτωσαν αὐτὸν ἐκεῖ
- 28 Lèfini yo pote kadav li sou chwal lavil Jerizalèm. Yo antere l' nan tonm wa yo nan lavil David la.
 And they took his body on horseback and put it into the earth with his fathers in the town of David.
 και ἀνέλαβον αὐτὸν ἐπὶ τῶν ἵππων καὶ ἔθαψαν αὐτὸν μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ ἐν πόλει δαυιδ

- 1 ¶ Tout pèp peyi Jida a pran Ozyas, pitit gason Amasya a, yo fè l' wa nan plas papa l'. Ozyas te gen sèzan lè sa a.
Then all the people of Judah took Uzziah, who was sixteen years old, and made him king in place of his father Amaziah.
καὶ ἔλαβεν πᾶς ὁ λαὸς τῆς γῆς τὸν οὐζιαν καὶ αὐτὸς δέκα καὶ ἕξ ἐτῶν καὶ ἐβασίλευσαν αὐτὸν ἀντὶ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ αμασιου
- 2 Se li menm ki reprann lavil Elat, li fè l' tounen anba otorite wa peyi Jida a apre lanmò papa l'.
He was the builder of Eloth, which he got back for Judah after the death of the king.
αὐτὸς ὠκοδόμησεν τὴν αἰλαθ αὐτὸς ἐπέστρεψεν αὐτὴν τῷ ἰουδα μετὰ τὸ κοιμηθῆναι τὸν βασιλέα μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ
- 3 Ozyas te gen sèzan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènen nan lavil Jerizalèm pandan senkanndezezan. Manman l' te rele Jekolya. Se te moun lavil Jerizalèm.
Uzziah was sixteen years old when he became king, and he was ruling in Jerusalem for fifty-two years; his mother's name was Jechiliah of Jerusalem.
υἱὸς δέκα ἕξ ἐτῶν ἐβασίλευσεν οὐζιας καὶ πεντήκοντα καὶ δύο ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλημ καὶ ὄνομα τῆ μητρὶ αὐτοῦ χαλια ἀπὸ ἱερουσαλημ
- 4 Ozyas te fè sa ki dwat devan Seyè a menm jan ak Amasya, papa l', te fè l'.
He did what was right in the eyes of the Lord, as his father Amaziah had done.
καὶ ἐποίησεν τὸ εὐθὲς ἐνώπιον κυρίου κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησεν αμασιαις ὁ πατὴρ αὐτοῦ
- 5 Pandan toutan Zakari te la pou moutre l' jan pou l' gen krentif Bondye a li t'ap sèvi Seyè a san mank. Pandan tout tan li t'ap sèvi Seyè a, Bondye te fè zafè l' mache byen.
He gave himself to searching after God in the days of Zechariah, who made men wise in the fear of God; and as long as he was true to the Lord, God made things go well for him.
καὶ ἦν ἐκζητῶν τὸν κύριον ἐν ταῖς ἡμέραις ζαχαριου τοῦ συνιόντος ἐν φόβῳ κυρίου καὶ ἐν ταῖς ἡμέραις αὐτοῦ ἐζήτησεν τὸν κύριον καὶ εὐδόωσεν αὐτῷ κύριος
- 6 Ozyas leve al goumen ak moun Filisti yo. Li kraze miray ranpa lavil Gat, lavil Jabne ak lavil Asdòd. Li bati lòt lavil ak miray ranpa nan zòn Asdòd ak nan mitan peyi Filisti a.
He went out and made war against the Philistines, pulling down the walls of Gath and Jabneh and Ashdod, and building towns in the country round Ashdod and among the Philistines.
καὶ ἐξῆλθεν καὶ ἐπολέμησεν πρὸς τοὺς ἀλλοφύλους καὶ κατέσπασεν τὰ τείχη γεθ καὶ τὰ τείχη ἰαβνη καὶ τὰ τείχη ἀζώτου καὶ ὠκοδόμησεν πόλεις ἀζώτου καὶ ἐν τοῖς ἀλλοφύλοις
- 7 Bondye ede l' goumen kont moun Filisti yo, kont moun Arabi ki t'ap viv lavil Goubaal yo, ak kont moun Mawon yo.
And God gave him help against the Philistines, and against the Arabians living in Gur-baal, and against the Meunim.
καὶ κατίσχυσεν αὐτὸν κύριος ἐπὶ τοὺς ἀλλοφύλους καὶ ἐπὶ τοὺς ἄραβας τοὺς κατοικοῦντας ἐπὶ τῆς πέτρας καὶ ἐπὶ τοὺς μιναιούς
- 8 Moun Amon yo te peye lajan taks bay Ozyas. Yo t'ap nonmen non l' jouk sou fwontyè peyi Lejip, paske li te vin gen anpil pouvwa.
The Ammonites gave offerings to Uzziah; and news of him went out as far as the limit of Egypt; for he became very great in power.
καὶ ἔδωκαν οἱ μιναιοὶ δῶρα τῷ οὐζια καὶ ἦν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἕως εἰσόδου αἰγύπτου ὅτι κατίσχυσεν ἕως ἄνω
- 9 Ozyas ranfòse defans lavil Jerizalèm. Li bati gwo fò tou won bò Pòtay Kwen an, bò Pòtay Fon an ak nan yon kwen miray la.
Uzziah made towers in Jerusalem, at the doorway in the angle and at the doorway in the valley and at the turn of the wall, arming them.
καὶ ὠκοδόμησεν οὐζιας πύργους ἐν ἱερουσαλημ καὶ ἐπὶ τὴν πύλην τῆς γωνίας καὶ ἐπὶ τὴν πύλην τῆς φάραγγος καὶ ἐπὶ τῶν γωνιῶν καὶ κατίσχυσεν
- 10 Li bati gwo fò tou won nan dezè a, li fouye gwo basen pou kenbe dlo paske li te gen anpil mouton ni nan plenn lan ni sou platon yo. Li te gen moun ap travay pou li nan jaden li yo, ak moun pou okipe jaden rezen l' yo nan mòn, paske li te renmen travay latè.
And he put up towers in the waste land and made places for storing water, for he had much cattle, in the low hills and in the table land; and he had farmers and vine-keepers in the mountains and in the fertile land, for he was a lover of farming.
καὶ ὠκοδόμησεν πύργους ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ ἐλάτομησεν λάκκους πολλούς ὅτι κτήνη πολλά ὑπῆρχεν αὐτῷ ἐν σεφίλα καὶ ἐν τῇ πεδινῇ καὶ ἀμπελοῦργοὶ ἐν τῇ ὄρεινῇ καὶ ἐν τῷ καρμῆλῳ ὅτι φιλογέωργος ἦν
- 11 Ozyas te gen yon gwo lame toujou pare pou fè lagè. Lame a te separe an gwoup, dapre jan yo te enskri nan rejis Jeiyèl, sekretè wa a, ak Masyas, grefye a, te kenbe sou kontwòl Ananya, yonn nan gwo chèf wa a.
In addition, Uzziah had an army of fighting-men who went out to war in bands, as they had been listed by Jeiel the scribe and Maaseiah the ruler, under the authority of Hananiah, one of the king's captains.
καὶ ἐγένετο τῷ οὐζια δυνάμεις ποιοῦσαι πόλεμον καὶ ἐκπορευόμεναι εἰς παράταξιν εἰς ἀριθμόν καὶ ὁ ἀριθμὸς αὐτῶν διὰ χειρὸς υἱοῦ τοῦ γραμματέως καὶ μασαιου τοῦ κριτοῦ διὰ χειρὸς ἀνανιου τοῦ δι ἀδόχου τοῦ βασιλέως
- 12 Te gen demil sisan (2.600) chèf fanmi alatèt vanyan sòlda sa yo.
The heads of families, the strong men of war, were two thousand, six hundred.
- 7 Nan tout peyi Izrayèl la, li fè demoli lotèl yo. Li kraze tout estati Achera yo ak lòt zidòl yo fè yo tounen poud. Yo kraze tout lotèl lansan yo an miyèt moso, lèfini li tounen lavil Jerizalèm.
He had the altars and the pillars of wood pulled down and the images crushed to dust, and all the sun-images cut down, through all the land of Israel, and then he went back to Jerusalem.
 καὶ κατέσπασεν τὰ ἄλση καὶ τὰ θυσιαστήρια καὶ τὰ εἰδῶλα κατέκοψεν λεπτὰ καὶ πάντα τὰ ὑψηλὰ ἔκοψεν ἀπὸ πάσης τῆς γῆς ἰσραηλ καὶ ἀπέστρεψεν εἰς ἱερουσαλημ
- 8 ¶ Lè sa a, wa Jozyas t'ap mache sou dizwitan depi li t'ap gouvènè, li t'ap mete peyi a ansanm ak Tanp lan nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye. Wa a rele twa moun: Chafan, pitit gason Asalya a, Maseya, gouvènè lavil la, ak Joa, pitit gason Joakaz, sekretè wa a. Li ba yo lòd al repare Tanp Seyè a, Bondye li a.
Now in the eighteenth year of his rule, when the land and the house had been made clean, he sent Shaphan, the son of Azaliah, and Maaseiah, the ruler of the town, and Joah, the son of Joahaz, the recorder, to make good what was damaged in the house of the Lord his God.
 καὶ ἐν τῷ ὀκτωκαιδέκῳ ἔτει τῆς βασιλείας αὐτοῦ τοῦ καθαρίσαι τὴν γῆν καὶ τὸν οἶκον ἀπέστειλεν τὸν σαφαν υἱὸν εσελια καὶ τὸν μαασιαν ἄρχοντα τῆς πόλεως καὶ τὸν ἰουαχ υἱὸν ἰωαχὰς τὸν ὑπομνηματογράφον αὐτοῦ κραταιῶσαι τὸν οἶκον κυρίου τοῦ θεοῦ αὐτοῦ
- 9 Mesye yo al jwenn Ilkija, granprèt la. Yo pote ba li tout lajan yo te ranmase nan Tanp lan, lajan moun Levi ki desèvis nan papòt Tanp lan te ranmase nan men moun Efrayim, moun Manase ak lòt moun peyi Izrayèl yo, ansanm ak sa yo te ranmase nan men moun Jida, moun Benjamen ak moun lavil Jerizalèm yo.
And they came to Hilkiah, the chief priest, and gave him all the money which had been taken into the house of God, which the Levites, the keepers of the door, had got from Manasseh and Ephraim and those of Israel who had not been taken away as prisoners, and from all Judah and Benjamin and the people of Jerusalem.
 καὶ ἦλθον πρὸς ἡλκιαν τὸν ἱερέα τὸν μέγαν καὶ ἔδωκαν τὸ ἀργύριον τὸ εἰσενεχθὲν εἰς οἶκον θεοῦ ὃ συνέλαγον οἱ λευῖται φυλάσσοντες τὴν πόλιν ἐκ χειρὸς μανασση καὶ εφραιμ καὶ τῶν ἀρχόντων καὶ ἀπὸ παντὸς καταλοίπου ἐν ἰσραηλ καὶ υἱῶν ἰουδα καὶ βενιαμιν καὶ οἰκούντων ἐν ἱερουσαλημ
- 10 Yo renmèt lajan an nan men mesye ki te reskonsab travay ki pou fèt nan Tanp lan, pou yo menm yo ka peye moun k'ap travay repare Tanp lan, ki vle di,
And they gave it to the overseers of the work of the Lord's house, and the overseers gave it to the workmen working in the house, for building it up and making good what was damaged;
 καὶ ἔδωκαν αὐτὸ ἐπὶ χεῖρα ποιούντων τὰ ἔργα οἱ καθεσταμένοι ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ ἔδωκαν αὐτὸ ποιῶσι τὰ ἔργα οἱ ἐποίουν ἐν οἴκῳ κυρίου ἐπισκευάσαι κατισχύσαι τὸν οἶκον
- 11 bès chapant yo ak bès mason yo, pou yo ka achte wòch taye ak bwa yo bezwen pou sèvi sipò ak ranfò chapant tanp wa Jida yo te kite ap tonbe a.
Even to the woodworkers and builders to get cut stone and wood for joining the structure together and for making boards for the houses which the kings of Judah had given up to destruction.
 καὶ ἔδωκαν τοῖς τέκτοσι καὶ τοῖς οἰκοδόμοις ἀγοράσαι λίθους τετραπέδους καὶ ξύλα εἰς δοκοὺς στεγάσαι τοὺς οἴκους οὓς ἐξωλέθρευσαν βασιλεῖς ἰουδα

- 12 Mesye yo te serye nan travay yo. Te gen kat moun Levi ki t'ap dirije yo. Se te: Joak ak Obadya, moun nan branch fanmi Merari a, Zekaraja ak Mechoulam, moun nan branch fanmi Keyat. Moun Levi ki te konn fè mizik sou enstriman yo
 And the men did the work well; and those who had authority over them were Jahath and Obadiah, Levites of the sons of Merari, and Zechariah and Meshullam, of the sons of the Kohathites, who were to be responsible for seeing that the work was done; and others of the Levites, who were expert with instruments of music,
 και οι ἄνδρες ἐν πίστει ἐπὶ τῶν ἔργων καὶ ἐπ' αὐτῶν ἐπίσκοποι ἰεθ καὶ αβδίας οἱ λευῖται ἐξ υἱῶν μεραρι καὶ ζαχαρίας καὶ μοσολλαμ ἐκ τῶν υἱῶν κααθ ἐπισκοπεῖν καὶ πᾶς λευίτης πᾶς συνίον ἐν ὀργάνοις ψῶδῶν
- 13 te reskonsab moun ki t'ap bwote materyo yo ak tout lòt ouvriye ki t'ap fè lòt travay yo. Te gen lòt moun Levi ki te reskonsab ekri istwa tou sa k'ap pase. Genyen ki te sekretè, genyen ki t'ap fè pòs nan papòt yo.
 Had authority over the transport workers, giving directions to all who were doing any sort of work; and among the Levites there were scribes and overseers and door-keepers.
 και ἐπὶ τῶν νοτοφόρων καὶ ἐπὶ πάντων τῶν ποιούντων τὰ ἔργα ἐργασία καὶ ἐργασία καὶ ἀπὸ τῶν λευιτῶν γραμματεῖς καὶ κριταὶ καὶ πυλωροὶ
- 14 ¶ Pandan yo t'ap wete lajan yo te mete nan Tanp Seyè a, Ilkija, prèt la, jwenn liv Lalwa Seyè a te bay Moyiz pou pèp la.
 Now when they were taking out the money which had come into the Lord's house, Hilkiah the priest came across the book of the law of the Lord, which he had given by the mouth of Moses.
 και ἐν τῷ ἐκφέρειν αὐτοὺς τὸ ἀργύριον τὸ εἰσοδιασθὲν εἰς οἶκον κυρίου εὗρεν χελκίας ὁ ἱερεὺς βιβλίον νόμου κυρίου διὰ χειρὸς μουσῆ
- 15 Ilkija pale ak Chafan, sekretè a, li di l' li jwenn liv Lalwa a nan Tanp Seyè a. Epi li ba li l'.
 Then Hilkiah said to Shaphan the scribe, I have made discovery of the book of the law in the house of the Lord. And Hilkiah gave the book to Shaphan.
 και ἀπεκρίθη χελκίας καὶ εἶπεν πρὸς σαφαν τὸν γραμματέα βιβλίον νόμου εὗρον ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ ἔδωκεν χελκίας τὸ βιβλίον τῷ σαφαν
- 16 Chafan pote liv la bay wa a, epi li fè rapò li, li di l' konsa: -Nou fè tou sa ou te ban nou lòd fè.
 And Shaphan took the book to the king; and he gave him an account of what had been done, saying, Your servants are doing all they have been given to do;
 και εἰσήνεγκεν σαφαν τὸ βιβλίον πρὸς τὸν βασιλέα καὶ ἀπέδωκεν ἔτι τῷ βασιλεὶ λόγον πᾶν τὸ δοθὲν ἀργύριον ἐν χειρὶ τῶν παιδῶν σου τῶν ποιούντων τὸ ἔργον
- 17 Yo pran tout lajan ki te nan Tanp Seyè a, yo renmèt li nan men moun ki reskonsab fè reparasyon nan Tanp lan ak moun k'ap fè travay yo.
 They have taken out all the money which was in the Lord's house and have given it to the overseers and to the workmen.
 και ἐχώνευσαν τὸ ἀργύριον τὸ εὐρεθὲν ἐν οἴκῳ κυρίου καὶ ἔδωκαν ἐπὶ χεῖρα τῶν ἐπισκόπων καὶ ἐπὶ χεῖρα τῶν ποιούντων ἐργασίαν
- 18 Lèfini, Chafan di wa a: -Ilkija, prèt la, te ban m' yon liv. Chafan li liv la pou wa a.
 Then Shaphan the scribe said to the king, Hilkiah the priest has given me a book; and he made a start at reading some of it to the king.
 και ἀπήγγειλεν σαφαν ὁ γραμματεὺς τῷ βασιλεὶ λέγων βιβλίον ἔδωκεν μοι χελκίας ὁ ἱερεὺς καὶ ἀνέγνω αὐτὸ σαφαν ἐναντίον τοῦ βασιλέως
- 19 Lè wa a tande pawòl ki te ekri nan Liv la, li chire rad sou li tèlman li te sezi.
 And the king, hearing the words of the law, took his robe in his hands, violently parting it as a sign of his grief.
 και ἐγένετο ὡς ἤκουσεν ὁ βασιλεὺς τοὺς λόγους τοῦ νόμου καὶ διέρρηξεν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ
- 20 Lèfini, li fè rele Ilkija, prèt la, Akikam, pitit gason Chafan an, Abdon, pitit Mikaja a, Chafan, sekretè a, ak Asaja, nèg konfyans wa a. Li ba yo lòd sa a:
 And he gave orders to Hilkiah and to Ahikam, the son of Shaphan, and Abdon, the son of Micah, and Shaphan the scribe and Asaiah, the king's servant, saying,
 και ἐνετείλατο ὁ βασιλεὺς τῷ χελκία καὶ τῷ αχικαμ υἱῷ σαφαν καὶ τῷ αβδων υἱῷ μιχαα καὶ τῷ σαφαν τῷ γραμματεῖ καὶ τῷ ασαα παιδὶ τοῦ βασιλέως λέγων
- 21 -Ale chache konnen sa Seyè a vle nou fè, mwen menm ansanm ak tout rès pèp li a ki rete nan peyi Jida ak nan peyi Izrayèl la. Chache konnen sa pou n' fè ak pawòl ki nan liv nou jwenn lan. Seyè a move anpil sou nou, paske zansèt nou yo pa t' koute pawòl Seyè a, ni yo pa t' fè tou sa ki ekri nan liv la.
 Go and get directions from the Lord for me and for those who are still in Israel and for Judah, about the words of this book which has come to light; for great is the wrath of the Lord which has been let loose on us, because our fathers have not kept the word of the Lord or done what is recorded in this book.
 πορευθήτε ζητήσατε τὸν κύριον περὶ ἐμοῦ καὶ περὶ παντὸς τοῦ καταλειφθέντος ἐν ἰσραὴλ καὶ ἰουδα περὶ τῶν λόγων τοῦ βιβλίου τοῦ εὐρεθέντος ὅτι μέγας ὁ θυμὸς κυρίου ἐκκέκασται ἐν ἡμῖν διότι οὐκ εἰσήκουσαν οἱ πατέρες ἡμῶν τῶν λόγων κυρίου τοῦ ποιῆσαι κατὰ πάντα τὰ γεγραμμένα ἐν τῷ βιβλίῳ τούτῳ
- 22 Se konsa, Ilkija ansanm ak lòt mesye wa a te chwazi yo al kay Oulda, yon pwofèt fanm ki te rete nan katye yo te fèk bati lavil Jerizalèm lan. Oulda sa a te madanm yon nonm yo te rele Chaloum, pitit Tokeyat, pitit pitit Asra a, ki te reskonsab rad yo sèvi nan Tanp lan. Yo esplike Oulda tou sa ki rive.
 So Hilkiah, and those whom the king sent, went to Huldah the woman prophet, the wife of Shallum, the son of Tokhath, the son of Hasrah, the keeper of the robes (now she was living in Jerusalem, in the second part of the town); and they had talk with her about this thing.
 και ἐπορεύθη χελκίας καὶ οἷς εἶπεν ὁ βασιλεὺς πρὸς ολδαν τὴν προφῆτιν γυναῖκα σελλημ υἱοῦ θακουαθ υἱοῦ χελλης φυλάσσουσαν τὰς στολὰς καὶ αὕτη κατόκει ἐν ἱερουσαλημ ἐν μασανα καὶ ἐλάησα ν αὕτῃ κατὰ ταῦτα

- 23 Oulda di yo konsa: -Men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Tounen al di moun ki voye nou bò kote m' lan
 And she said to them, The Lord, the God of Israel, has said, Say to the man who sent you to me,
 και ειπεν αυτοις ουτως ειπεν κυριος ο θεος ισραηλ ειπατε τῷ ἀνδρὶ τῷ ἀποστειλαντι ὑμᾶς πρὸς με
- 24 men mesaj Seyè a voye ba li: Mwen pral voye yon malè sou lavil Jerizalèm ansanm ak sou tout moun li yo, jan sa ekri nan liv yo li pou wa peyi Jida a.
 These are the words of the Lord: See, I will send evil on this place and on its people, even all the curses in the book which they have been reading before the king of Judah;
 ουτως λεγει κυριος ιδου εγω επαγω κακα ἐπι τὸν τόπον τοῦτον τοὺς πάντας λόγους τοὺς γεγραμμένους ἐν τῷ βιβλίῳ τῷ ἀνεγνωσμένῳ ἐναντίον τοῦ βασιλέως ιουδα
- 25 Moun lavil Jerizalèm yo vire do ban mwen. Yo fè sèvis pou lòt bondye. Avèk tout zak sa yo, mwen move anpil sou lavil Jerizalèm. Kòlè m' poko ap pase.
 Because they have given me up, burning offerings to other gods and moving me to wrath by all the works of their hands; so my wrath is let loose on this place and will not be put out.
 ἀνθ' ὧν ἐγκατέλιπόν με και ἐθυμίασαν θεοὺς ἄλλοτριούς ἵνα παροργίσωσιν με ἐν πᾶσιν τοῖς ἔργοις τῶν χειρῶν αὐτῶν και ἐξεκαύθη ὁ θυμός μου ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ και οὐ σβεσθήσεται
- 26 Men sa n'a di wa peyi Jida a ki voye nou vin konnen volonte Bondye a. Wi, men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, voye di l': Ou tande sa ki ekri nan liv la.
 But to the king of Judah who sent you to get directions from the Lord, say, This is what the Lord, the God of Israel, has said: Because you have given ear to my words,
 και ἐπι βασιλέα ιουδα τὸν ἀποστειλαντα ὑμᾶς τοῦ ζητῆσαι τὸν κύριον ουτως ερεῖτε αὐτῷ ουτως λεγει κυριος ο θεος ισραηλ τοὺς λόγους οὗς ἤκουσας
- 27 Sa fè kè ou fè ou mal, ou desann ou devan mwen lè ou tande deklarasyon mwen fè sou lavil sa a ak sou tout moun li yo. Wi, lè ou tande sa, ou chire rad sou ou, dlo koule nan je ou. Se poutèt sa mwen menm tou mwen tande ou. Se mwen menm, Seyè a, k'ap di ou sa.
 And your heart was soft, and you made yourself low before God, on hearing his words about this place and its people, and with weeping and signs of grief have made yourself low before me, I have given ear to you, says the Lord God.
 και ἐνετρέπη ἡ καρδία σου και ἐταπεινώθηκες ἀπὸ προσώπου μου ἐν τῷ ἀκουσαί σε τοὺς λόγους μου ἐπι τὸν τόπον τοῦτον και ἐπι τοὺς κατοικοῦντας αὐτὸν και ἐταπεινώθηκες ἐναντίον μου και διέρρηξας τὰ ἱμάτιά σου και ἐκλασας κατεναντίον μου και ἐγὼ ἤκουσά φησιν κυριος
- 28 Ou menm, w'ap mouri nan kabann ou, y'ap antere ou nan menm kavo ak zansèt ou yo. Ou p'ap gen tan wè malè m'ap voye sou lavil Jerizalèm ak sou moun ki rete ladan l' yo. Mesye yo tounen rapòte mesaj la bay wa Jozyas.
 See, I will let you go to your fathers, and be put in your last resting-place in peace, and your eyes will not see all the evil which I will send on this place and on its people. So they took this news back to the king.
 ιδου προστίθημι σε πρὸς τοὺς πατέρας σου και προστεθήσῃ πρὸς τὰ μνήματά σου ἐν εἰρήνῃ και οὐκ ὄψονται οἱ ὀφθαλμοί σου ἐν πᾶσιν τοῖς κακοῖς οἷς ἐγὼ επαγω ἐπι τὸν τόπον τοῦτον και ἐπι τοὺς κατοικοῦντας αὐτὸν και ἀπέδωκαν τῷ βασιλεῖ λόγον
- 29 ¶ Lè sa a, wa a voye misyon bay tout chèf fanmi nan lavil Jerizalèm ak nan tout peyi Jida a, pou yo reyini ansanm avè l'.
 Then the king sent and got together all the responsible men of Judah and of Jerusalem.
 και ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς και συνήγαγεν τοὺς πρεσβυτέρους ιουδα και ιερουσαλημ
- 30 Apre sa, wa a moute nan Tanp Seyè a ansanm ak prèt yo, moun Levi yo, tout moun peyi Jida yo, moun ki rete lavil Jerizalèm yo ak tout rès pèp la, grannèg kou tinèg. Wa a kanpe devan yo tout, li li byen fò tou sa ki nan liv Kontra yo te jwenn nan Tanp Seyè a.
 And the king went up to the house of the Lord, with all the men of Judah and the people of Jerusalem, and the priests and the Levites and all the people, small and great; and they were present at his reading of the book of the law which had come to light in the house of the Lord.
 και ἀνέβη ὁ βασιλεὺς εἰς οἶκον κυρίου και πᾶς ιουδα και οἱ κατοικοῦντες ιερουσαλημ και οἱ ἱερεῖς και οἱ λευῖται και πᾶς ὁ λαὸς ἀπὸ μεγάλου ἕως μικροῦ και ἀνέγνω ἐν ὧσιν αὐτῶν τοὺς πάντας λόγους βιβλίου τῆς διαθήκης τοῦ εὐρεθέντος ἐν οἴκῳ κυρίου
- 31 Lè li fini, li rete kanpe nan plas rezève pou li bò gwo poto a, li pran angajman devan Seyè a pou li fè volonte Seyè a, pou li mache dapre kòmandman, prensip ak lalwa Bondye yo ak tout kè li ak tout nanm li, lèfini pou l' kenbe tout kondisyon kontra ki ekri nan liv la.
 Then the king, taking his place by the pillar, made an agreement before the Lord, to go in the way of the Lord, and to keep his orders and his decisions and his rules with all his heart and with all his soul, and to keep the words of the agreement recorded in this book.
 και ἔστη ὁ βασιλεὺς ἐπι τὸν στῦλον και διέθετο διαθήκην ἐναντίον κυρίου τοῦ πορευθῆναι ἐνώπιον κυρίου τοῦ φυλάσσειν τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ και μαρτύρια αὐτοῦ και προστάγματα αὐτοῦ ἐν ὅλῃ καρδίᾳ και ἐν ὅλῃ ψυχῇ τοὺς λόγους τῆς διαθήκης τοὺς γεγραμμένους ἐπι τῷ βιβλίῳ τούτῳ
- 32 Apre sa, wa a fè tout moun ki te lavil Jerizalèm ansanm ak moun branch fanmi Benjamen yo pran menm angajman an tou. Depi lè sa a, moun lavil Jerizalèm yo mache dapre kontra yo te pase ak Bondye zansèt yo a.
 And he made all the people in Jerusalem and Benjamin give their word to keep it. And the people of Jerusalem kept the agreement of God, the God of their fathers.
 και ἔστησεν πάντας τοὺς εὐρεθέντας ἐν ιερουσαλημ και βενιαμιν και ἐποίησαν οἱ κατοικοῦντες ιερουσαλημ διαθήκην ἐν οἴκῳ κυρίου θεοῦ πατέρων αὐτῶν

- 33 Jozyas fè disparèt tout vye zidòl sal nan peyi ki te pou moun pèp Izrayèl yo. Li mete tout moun ki te rete nan peyi Izrayèl la nan obligasyon pou yo sèvi Seyè a, Bondye yo a. Se konsa pandan tout tan Jozyas te vivan an, tout pèp la te kenbe pye Seyè a, Bondye zansèt yo a, fèm.
 Josiah took away all the disgusting things out of all the lands of the children of Israel, and made all who were in Israel servants of the Lord their God. And as long as he was living they were true to the Lord, the God of their fathers.
 και περιεῖλεν ἰωσίας τὰ πάντα βδελύγματα ἐκ πάσης τῆς γῆς ἧ ἦν υἱὸν ἰσραὴλ καὶ ἐποίησεν πάντας τοὺς εὐρεθέντας ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ ἐν ἰσραὴλ τοῦ δουλεῦν κυρίῳ θεῷ αὐτῶν πάσας τὰς ἡμέρας αὐτοῦ οὐκ ἐξέκλιεν ἀπὸ ὀπίσθεν κυρίου θεοῦ πατέρων αὐτοῦ
- 1 ¶ Wa Jozyas fete fèt Delivrans lan pou Seyè a. Nan katòzyèm jou premye mwa a, yo touye ti mouton pou fèt la.
 And Josiah kept a Passover to the Lord in Jerusalem; on the fourteenth day of the first month they put the Passover lamb to death.
 και ἐποίησεν ἰωσίας τὸ φασεχ τῷ κυρίῳ θεῷ αὐτοῦ καὶ ἔθυσαν τὸ φασεχ τῇ τεσσαρεσκαίδεκάτῃ τοῦ μηνὸς τοῦ πρώτου
- 2 Li bay chak prèt travay pou yo fè nan Tanp lan ankò, li ankouraje yo pou yo fè l' byen.
 And he gave the priests their places, making them strong for the work of the house of God.
 και ἔστησεν τοὺς ἱερεῖς ἐπὶ τὰς φυλακὰς αὐτῶν καὶ κατίσχυσεν αὐτοὺς εἰς τὰ ἔργα οἴκου κυρίου
- 3 Lèfini, li pale ak moun Levi yo ki te reskonsab moutre pèp Izrayèl la sa pou l' fè epi ki t'ap viv apa nèt pou Seyè a. Li di yo konsa: -Mete Bwat Kontra Bondye a nan Tanp Salomon, pitit David, wa pèp Izrayèl la, te bati a. Nou pa bezwen ap pote l' sou zepòl nou ankò. Koulye a se sèvi nou pral sèvi Seyè a, Bondye nou ak Bondye pèp Izrayèl ki pou li a.
 And he said to the Levites, the teachers of all Israel, who were holy to the Lord, See, the holy ark is in the house which Solomon, the son of David, king of Israel, made; it will no longer have to be transported on your backs: now be the servants of the Lord your God and his people Israel,
 και εἶπεν τοῖς λευίταις τοῖς δυνατοῖς ἐν παντὶ ἰσραὴλ τοῦ ἁγιασθῆναι αὐτοὺς τῷ κυρίῳ καὶ ἔθηκαν τὴν κιβωτὸν τὴν ἁγίαν εἰς τὸν οἶκον ὃν ὠκοδόμησεν σαλωμων υἱὸς δαυὶδ τοῦ βασιλέως ἰσραὴλ καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς οὐκ ἔστιν ὑμῖν ἄραι ἐπ' ὤμων οὐθέν νῦν οὖν λειτουργήσατε τῷ κυρίῳ θεῷ ὑμῶν καὶ τῷ λαῷ αὐτοῦ ἰσραὴλ
- 4 Pran plas nou nan Tanp lan, chak fanmi apa, dapre reskonsablite nou jan David, wa pèp Izrayèl la, ak Salomon, pitit li, te ekri l' la.
 And make yourselves ready in your divisions, by your families, as it is ordered in the writings of David, king of Israel, and of Solomon his son;
 και ἐτοιμάσθητε κατ' οἴκους πατριῶν ὑμῶν καὶ κατὰ τὰς ἐφημερίας ὑμῶν κατὰ τὴν γραφὴν δαυὶδ βασιλέως ἰσραὴλ καὶ διὰ χειρὸς σαλωμων υἱοῦ αὐτοῦ
- 5 N'a rete kote yo mete apa nèt pou Seyè a. N'a ranje nou yon jan pou gen yon gwoup moun Levi pou ede chak branch fanmi pèp Izrayèl la.
 And take your positions in the holy place, grouped in the families of your brothers, the children of the people, and for every division let there be a part of a family of the Levites.
 και στήτε ἐν τῷ οἴκῳ κατὰ τὰς διαίρεσεις οἴκων πατριῶν ὑμῶν τοῖς ἀδελφοῖς ὑμῶν υἱοῖς τοῦ λαοῦ καὶ μερὶς οἴκου πατριᾶς τοῖς λευίταις
- 6 Se nou ki pou touye ti mouton yo ak kabrit yo pou fèt Delivrans lan. Ale mete nou nan kondisyon pou fè sèvis Seyè a. Pare tou sa nou bezwen pou touye bèt yo pou moun pèp Izrayèl yo, frè nou yo, ka fè seremoni an jan Seyè a te bay Moyiz lòd la pou nou.
 And put the Passover lamb to death, and make yourselves holy, and make it ready for your brothers, so that the orders given by the Lord through Moses may be done.
 και θύσατε τὸ φασεχ καὶ τὰ ἅγια ἐτοιμάσατε τοῖς ἀδελφοῖς ὑμῶν τοῦ ποιῆσαι κατὰ τὸν λόγον κυρίου διὰ χειρὸς μουσῆ
- 7 Apre sa, Jozyas pran trantmil (30.000) ti mouton ak ti kabrit ansanm ak twamil (3.000) bèf nan bèt pa l', li bay moun pèp Izrayèl ki te la yo pou fè fèt Delivrans lan.
 And Josiah gave lambs and goats from the flock as Passover offerings for all the people who were present, to the number of thirty thousand, and three thousand oxen: these were from the king's private property.
 και ἀπῆρξατο ἰωσίας τοῖς υἱοῖς τοῦ λαοῦ πρόβατα καὶ ἄμνοὺς καὶ ἐρίφους ἀπὸ τῶν τέκνων τῶν αἰγῶν πάντα εἰς τὸ φασεχ εἰς πάντας τοὺς εὐρεθέντας εἰς ἀριθμὸν τριάκοντα χιλιάδας καὶ μόσχων τρεῖς χιλιάδας ταῦτα ἀπὸ τῆς ὑπάρξεως τοῦ βασιλέως
- 8 Chèf li yo te bay pa yo pou pèp la, pou prèt yo ak moun Levi yo. Ilkija, Zakari ak Jeyèl, ki te reskonsab Tanp Seyè a, bay demil sisan (2.600) ti mouton ak ti kabrit ansanm ak twasan (300) bèf pou yo touye pou fèt la.
 And his captains freely gave an offering to the people, the priests, and the Levites. Hilkiah and Zechariah and Jehiel, the rulers of the house of God, gave to the priests for the Passover offerings two thousand, six hundred small cattle and three hundred oxen.
 και οἱ ἄρχοντες αὐτοῦ ἀπῆρξαντο τῷ λαῷ καὶ τοῖς ἱερεῦσιν καὶ λευίταις ἔδωκεν χελκίας καὶ ζαχαρίας καὶ ἰηλ οἱ ἄρχοντες οἴκου τοῦ θεοῦ τοῖς ἱερεῦσιν καὶ ἔδωκεν εἰς τὸ φασεχ πρόβατα καὶ ἄμνοὺς καὶ ἐρίφους δισχίλια ἑξακόσια καὶ μόσχους τριακοσίους
- 9 Konanya ak de frè li yo, Chemaja ak Netanèl, ansanm ak Achabya, Jeyèl ak Jozaba, chèf moun Levi yo, bò pa yo te bay senkmil (5.000) ti mouton ak ti kabrit ak senksan (500) bèf pou moun Levi yo te ofri pou fèt Delivrans lan.
 And Conaniah and Shemaiah and Nethanel, his brothers, and Hashabiah and Jeiel and Jozabad, the chiefs of the Levites, gave to the Levites for the Passover offerings five thousand small cattle and five hundred oxen.
 και χωνενας καὶ βαναιας καὶ σαμιας καὶ ναθανηλ ἀδελφὸς αὐτοῦ καὶ ασαβια καὶ ἰηλ καὶ ἰωζαβαδ ἄρχοντες τῶν λευιτῶν ἀπῆρξαντο τοῖς λευίταις εἰς τὸ φασεχ πρόβατα πεντακισχίλια καὶ μόσχους πεντακοσίους

- 10 Lè tout bagay te pare pou fèt la, prèt yo pran plas yo, moun Levi yo fè gwoup apa jan wa a te ba yo lòd la.
So everything was made ready and the priests took their places with the Levites in their divisions, as the king had said.
 και κατορθώθη ἡ λειτουργία καὶ ἔστησαν οἱ ἱερεῖς ἐπὶ τὴν στάσιν αὐτῶν καὶ οἱ λευῖται ἐπὶ τὰς διαιρέσεις αὐτῶν κατὰ τὴν ἐντολὴν τοῦ βασιλέως
- 11 Lè yo fin touye ti mouton yo, moun Levi yo bay prèt yo san an pou yo vide sou lotèl la. Moun Levi yo menm kòche tout bèt yo.
And they put the Passover lambs to death, the blood being drained out by the priests when it was given to them, and the Levites did the skinning.
 και ἔθυσαν τὸ φασεχ καὶ προσέχεαν οἱ ἱερεῖς τὸ αἷμα ἐκ χειρὸς αὐτῶν καὶ οἱ λευῖται ἐξέδειραν
- 12 Apre sa, yo wete pati ki pou boule nèt pou Seyè a, yo bay chak fanmi pòsyon pa yo pou yo al ofri bay Seyè a, jan sa ekri nan Liv Moyiz la. Yo fè menm bagay la pou bèt yo.
And they took away the burned offerings, so that they might give them to be offered to the Lord for the divisions of the families of the people, as it is recorded in the book of Moses. And they did the same with the oxen.
 και ἠτοίμασαν τὴν ὀλοκαύτωςιν παραδοῦναι αὐτοῖς κατὰ τὴν διαίρεσιν κατ' οἴκους πατριῶν τοῖς υἱοῖς τοῦ λαοῦ τοῦ προσάγειν τῷ κυρίῳ ὡς γέγραπται ἐν βιβλίῳ μουσῆ καὶ οὕτως εἰς τὸ πρωί
- 13 Lèfini, moun Levi yo griye ti mouton Delivrans lan sou dife, jan yo te konn fè l' la. Yo bouyi lòt vyann yo te mete apa pou Bondye yo nan chodyè, nan mamit ak nan kaswòl. Lèfini, yo prese separe vyann lan bay tout pèp la.
And the Passover lamb was cooked over the fire, as it says in the law; and the holy offerings were cooked in pots and basins and vessels, and taken quickly to all the people.
 και ὤπησαν τὸ φασεχ ἐν πυρὶ κατὰ τὴν κρίσιν καὶ τὰ ἅγια ἤψησαν ἐν τοῖς χαλκείοις καὶ ἐν τοῖς λέβησιν καὶ εὐδοῦθη καὶ ἔδραμον πρὸς πάντας τοὺς υἱοὺς τοῦ λαοῦ
- 14 Lè yo fin fè sa, moun Levi yo pare sa ki rete pou yo menm ansanm ak prèt yo, paske prèt yo, moun fanmi Arawon yo, te rete byen ta jouk aswè ap boule bèt moun yo te ofri nèt pou Seyè a ansanm ak grès lòt bèt yo. Se poutèt sa, se moun Levi yo ki te pare vyann ni pou tèt yo ni pou prèt yo, moun fanmi Arawon yo.
And after that, they made ready for themselves and for the priests; for the priests, the sons of Aaron, were offering the burned offerings and the fat till night; so the Levites made ready what was needed for themselves and for the priests, the sons of Aaron.
 και μετὰ τὸ ἐτοιμάσαι αὐτοῖς καὶ τοῖς ἱερεῦσιν ὅτι οἱ ἱερεῖς ἐν τῷ ἀναφέρειν τὰ στέατα καὶ τὰ ὀλοκαυτώματα ἕως νυκτός καὶ οἱ λευῖται ἠτοίμασαν αὐτοῖς καὶ τοῖς ἀδελφοῖς αὐτῶν υἱοῖς ααρὼν
- 15 Sanba yo menm, moun fanmi Asaf yo, te nan plas yo dapre lòd David, Asaf, Eyman ak Jedoutoun, pwofèt wa a, te bay. Gad pòtay Tanp yo te nan plas yo tou. Yo yonn pa kite pòs yo, paske moun Levi parèy yo t'ap pare pòsyon vyann pa yo pou yo tou.
And the sons of Asaph, the makers of melody, were in their places, as ordered by David and Asaph and Heman and Jeduthun, the king's seer; and the door-keepers were stationed at every door: there was no need for them to go away from their places, for their brothers the Levites made ready for them.
 και οἱ ψαλτῶδοι υἱοὶ ασαφ ἐπὶ τῆς στάσεως αὐτῶν κατὰ τὰς ἐντολὰς δαυὶδ καὶ ασαφ καὶ αμιαν καὶ ἰδιθὼν οἱ προφήται τοῦ βασιλέως καὶ οἱ ἄρχοντες καὶ οἱ πυλωροὶ πύλης καὶ πύλης οὐκ ἦν αὐτοῖς κινεῖσθαι ἀπὸ τῆς λειτουργίας ἁγίων ὅτι οἱ ἀδελφοὶ αὐτῶν οἱ λευῖται ἠτοίμασαν αὐτοῖς
- 16 Se konsa jou sa a yo te òganize tout sèvis Seyè a pou fete fèt Delivrans lan, pou boule vyann bèt yo nèt sou lotèl la pou Bondye, jan wa Jozyas te bay lòd la.
So everything needed for the worship of the Lord was made ready that same day, for the keeping of the Passover and the offering of burned offerings on the altar of the Lord, as King Josiah had given orders.
 και κατορθώθη καὶ ἠτοίμασθη πᾶσα ἡ λειτουργία κυρίου ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ τοῦ ποιῆσαι τὸ φασεχ καὶ ἐνεγκεῖν τὰ ὀλοκαυτώματα ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον κυρίου κατὰ τὴν ἐντολὴν τοῦ βασιλέως ἰωσῖα
- 17 Pandan sèt jou, tout moun pèp Izrayèl ki te la yo t'ap fete fèt Delivrans lan ak fèt Pen san ledven yo.
And all the children of Israel who were present kept the Passover and the feast of unleavened bread at that time for seven days.
 και ἐποίησαν οἱ υἱοὶ ἰσραὴλ οἱ εὐρεθέντες τὸ φασεχ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ καὶ τὴν ἑορτὴν τῶν ἄζυμων ἑπτὰ ἡμέρας
- 18 Depi sou tan pwofèt Samyèl, yo pa t' janm fete fèt Delivrans lan konsa. Pa gen yonn nan ansyen wa pèp Izrayèl yo ki te fete fèt Delivrans lan tankou Jozyas te fè l' lè sa a ansanm ak prèt yo, moun Levi yo ak tout pèp peyi Jida a, moun peyi Izrayèl ki te la yo ansanm ak moun lavil Jerizalèm yo.
No Passover like it had been kept in Israel from the days of Samuel the prophet; and not one of the kings of Israel had ever kept a Passover like the one kept by Josiah and the priests and the Levites and all those of Judah and Israel who were present, and the people of Jerusalem.
 και οὐκ ἐγένετο φασεχ ὅμοιον αὐτῷ ἐν ἰσραὴλ ἀπὸ ἡμερῶν σαμουὴλ τοῦ προφήτου καὶ πάντες βασιλεῖς ἰσραὴλ οὐκ ἐποίησαν ὡς τὸ φασεχ ὃ ἐποίησεν ἰωσῖας καὶ οἱ ἱερεῖς καὶ οἱ λευῖται καὶ πᾶς ἰουδα καὶ ἰσραὴλ ὃ εὐρεθεῖς καὶ οἱ κατοικοῦντες ἐν ἱερουσαλὴμ τῷ κυρίῳ
- 19 Jozyas te gen dizwitan depi li te wa lè yo te fete fèt Delivrans sa a.
In the eighteenth year of the rule of Josiah this Passover was kept.
 τῷ ὀκτωκαίδεκάτῳ ἔτει τῆς βασιλείας ἰωσῖα [19α] καὶ τοὺς ἐγγαστριμύθους καὶ τοὺς γνώστας καὶ τὰ θαραφιν καὶ τὰ εἰδωλα καὶ τὰ καρασὶμ ἃ ἦν ἐν γῆ ἰουδα καὶ ἐν ἱερουσαλὴμ ἐνεπύρισεν ὁ βασιλεὺς ἰωσῖας ἵνα στήσῃ τοὺς λόγους τοῦ νόμου τοὺς γεγραμμένους ἐπὶ τοῦ βιβλίου οὗ εὔρεν χελκίας ὁ ἱερεὺς ἐν τῷ οἴκῳ κυρίου [19β] ὅμοιος αὐτῷ οὐκ ἐγενήθη ἔμπροσθεν αὐτοῦ ὅς ἐπέστρεψεν πρὸς κύριον ἐν ὅλῃ καρδίᾳ αὐτοῦ καὶ ἐν ὅλῃ ψυχῇ αὐτοῦ καὶ ἐν ὅλῃ ἰσχύϊ αὐτοῦ κατὰ πάντα τὸν νόμον μουσῆ καὶ μετ' αὐτὸν οὐκ ἀνέστη ὅμοιος αὐτῷ [19ξ] πλὴν οὐκ ἀπεστράφη κύριος ἀπὸ ὀργῆς θυμοῦ αὐτοῦ τοῦ μεγάλου οὗ ὠργίσθη θυμῷ κύριος ἐν τῷ ἰουδα ἐπὶ πάντα τὰ παροργίσματα ἃ παρώργισεν μανασσης [19δ] καὶ εἶπεν κύριος καὶ γε τὸν ἰουδαν ἀποστήσω ἀπὸ προσώπου μου καθὼς ἀπέστησα τὸν ἰσραὴλ καὶ ἀποσάμην τὴν πόλιν ἣν ἐξελεξάμην τὴν ἱερουσαλὴμ καὶ τὸν οἶκον ὃν εἶπα ἔσται τὸ ὄνομά μου ἐκεῖ

- 20 ¶ Apre sa, lè wa Jozyas te fin fè tout reparasyon ki pou te fèt nan Tanp lan, Neko, wa peyi Lejip la, moute nan direksyon larivyè Lefrat pou l' al goumen bò lavil Kakemich. Jozyas soti al kontre l' pou anpeche l' pase.
After all this, and after Josiah had put the house in order, Neco, king of Egypt, went up to make war at Carchemish by the river Euphrates; and Josiah went out against him.
καὶ ἀνέβη φαραω νεχω βασιλεὺς αἰγύπτου ἐπὶ τὸν βασιλέα ἀσσυρίων ἐπὶ τὸν ποταμὸν εὐφράτην καὶ ἐπορεύθη ὁ βασιλεὺς ἰσραὴλ εἰς συνάντησιν αὐτῷ
- 21 Men Neko voye misyon sa a bay Jozyas: -Ou wè ou menm, wa peyi Jida, pa antre nan lagè sa a tandè! M' pa vin pou m' goumen avè ou, men se avèk yon lòt nasyon mwen gen kont. Bondye di m' pa mize. Tanpri, pou pwòp byen ou, pa kenbe tèt ak Bondye ki avè m'. Konsa li p'ap detwi ou.
But he sent representatives to him, saying, What have I to do with you, O king of Judah? I have not come against you this day, but against those with whom I am at war; and God has given me orders to go forward quickly: keep out of God's way, for he is with me, or he will send destruction on you.
καὶ ἀπέστειλεν πρὸς αὐτὸν ἀγγέλους λέγων τί ἐμοὶ καὶ σοὶ βασιλεῦ ἰουδα οὐκ ἐπὶ σὲ ἦκω σήμερον πόλεμον ποιῆσαι καὶ ὁ θεὸς εἶπεν κατασπεῦσαι με πρόσεχε ἀπὸ τοῦ θεοῦ τοῦ μετ' ἐμοῦ μὴ καταφθίρῃ σε
- 22 Men, Jozyas te soti pou goumen avè l'. Li derefize koute mesaj Neko te voye ba li a, mesaj ki te soti nan bouch Bondye menm. Se konsa, li degize kò l', li al goumen avè l' nan plenn Megido a.
However, Josiah would not go back; but keeping to his purpose of fighting against him, and giving no attention to the words of Neco, which came from God, he went forward to the fight in the valley of Megiddo.
καὶ οὐκ ἀπέστρεψεν ἰσραὴλ τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἀπ' αὐτοῦ ἀλλ' ἦ πολεμῆν αὐτὸν ἐκράταιώθη καὶ οὐκ ἤκουσεν τῶν λόγων νεχω διὰ στόματος θεοῦ καὶ ἦλθεν τοῦ πολεμῆσαι ἐν τῷ πεδίῳ μαγεδων
- 23 Pandan batay la, sòlda ak banza yo tire sou wa Jozyas. Jozyas di moun ki te avè l' yo: -M' blese anpil. Mennen m' ale.
And the bowmen sent their arrows at King Josiah, and the king said to his servants, Take me away, for I am badly wounded.
καὶ ἐτόξευσαν οἱ τοξόται ἐπὶ βασιλέα ἰσραὴλ καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς τοῖς παισὶν αὐτοῦ ἐξαγάγετέ με ὅτι ἐπόνεσα σφόδρα
- 24 Moun li yo wete l' nan cha lagè li a, yo mete l' nan yon lòt cha li te gen la, epi yo mennen l' lavil Jerizalèm. Se la li mouri. Yo antere l' nan kavo zansèt li yo. Tout moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm te pran gwo lapenn pou Jozyas.
So his servants took him out of the line of war-carriages, and put him in his second carriage and took him to Jerusalem, where he came to his end, and they put his body in the resting-place of his fathers. And in all Judah and Jerusalem there was great weeping for Josiah.
καὶ ἐξήγαγον αὐτὸν οἱ παῖδες αὐτοῦ ἀπὸ τοῦ ἄρματος καὶ ἀνεβίβασαν αὐτὸν ἐπὶ τὸ ἄρμα τὸ δευτέρου ὃ ἦν αὐτῷ καὶ ἤγαγον αὐτὸν εἰς ἱερουσαλημ καὶ ἀπέθανεν καὶ ἐτάφη μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ καὶ πᾶς ἰουδα καὶ ἱερουσαλημ ἐπένθησαν ἐπὶ ἰσραὴλ
- 25 Pwofèt Jeremi te fè yon chante pou plenn sò wa Jozyas. Depi lè sa a, se yon koutim nan peyi Izrayèl: chak fwa fi yo ak gason yo ap chante nan yon lanmò, yo chonje Jozyas. Yo mete tout chante lanmò sa yo ansanm nan yon liv.
And Jeremiah made a song of grief for Josiah; and to this day Josiah is named by all the makers of melody, men and women, in their songs of grief; they made it a rule in Israel; and the songs are recorded among the songs of grief.
καὶ ἐθρήνησεν ἱερεμίας ἐπὶ ἰσραὴλ καὶ εἶπαν πάντες οἱ ἄρχοντες καὶ αἱ ἄρχουσαι θρήνων ἐπὶ ἰσραὴλ ἕως τῆς σήμερον καὶ ἔδωκαν αὐτὸν εἰς πρόσταγμα ἐπὶ ἰσραὴλ καὶ ἰδοὺ γέγραπται ἐπὶ τῶν θρήνων
- 26 Tou sa Jozyas te fè, jan li sèvi Seyè a ak tout kè li, jan li te mache dapre sa ki ekri nan Lalwa Seyè a,
Now the rest of the acts of Josiah, and the good he did, in keeping with what is recorded in the law of the Lord,
καὶ ἦσαν οἱ λόγοι ἰσραὴλ καὶ ἡ ἐλπίς αὐτοῦ γεγραμμένα ἐν νόμῳ κυρίου
- 27 wi, tout istwa Jozyas la nèt, depi premye jou li te moute wa rive jouk dènye jou a, n'a jwenn tou sa ekri nan Liv Istwa Wa peyi Jida ak wa peyi Izrayèl yo.
And all his acts, first and last, are recorded in the book of the kings of Israel and Judah.
καὶ οἱ λόγοι αὐτοῦ οἱ πρότεροι καὶ οἱ ἔσχατοι ἰδοὺ γεγραμμένοι ἐπὶ βιβλίῳ βασιλέων ἰσραὴλ καὶ ἰουδα
- 1 ¶ Moun peyi Jida yo chwazi Joakaz, pitit gason Joas la, yo mete l' wa nan plas papa l'.
Then the people of the land took Jehoahaz, the son of Josiah, and made him king in Jerusalem in place of his father.
καὶ ἔλαβεν ὁ λαὸς τῆς γῆς τὸν ἰωαχαζ υἱὸν ἰωασίου καὶ ἔχρισαν αὐτὸν καὶ κατέστησαν αὐτὸν εἰς βασιλέα ἀντὶ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐν ἱερουσαλημ
- 2 Joakaz te gen venntwazan lè li moute wa nan peyi Jida. Li gouvènen lavil Jerizalèm pandan twa mwa.
Jehoahaz was twenty-three years old when he became king; he was ruling in Jerusalem for three months.
υἱὸς εἴκοσι καὶ τριῶν ἐτῶν ἰωαχαζ ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν καὶ τρίμηνον ἐβασίλευσεν ἐν ἱερουσαλημ [2α] καὶ ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ ἀμιταλ θυγάτηρ ἱερεμίου ἐκ λοβενα [2β] καὶ ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐν ἑνώπιον κυρίου κατὰ πάντα ἃ ἐποίησαν οἱ πατέρες αὐτοῦ [2ξ] καὶ ἔδωκεν αὐτὸν φαραω νεχω ἐν δεβλαθα ἐν γῆ εμαθ τοῦ μὴ βασιλεύειν αὐτὸν ἐν ἱερουσαλημ
- 3 Neko, wa peyi Lejip la, mete l' atè, li fòse peyi Jida a ba li sètmiil senksan (7500) liv ajan ak swasannkenz liv lò.
Then the king of Egypt took the kingdom from him in Jerusalem, and put on the land a tax of a hundred talents of silver and a talent of gold.
καὶ μετήγαγεν αὐτὸν ὁ βασιλεὺς εἰς αἴγυπτον καὶ ἐπέβαλεν φόρον ἐπὶ τὴν γῆν ἑκατὸν τάλαντα ἀργυρίου καὶ τάλαντον χρυσοῦ

- 4 Apre sa, Neko pran Elyakim, frè Joakaz, li mete l' wa nan plas li. Lè sa a, li chanje non Elyakim, li rele l' Jojakim. Lèfini, li pran Joakaz, li mennen l' nan peyi Lejip.
And the king of Egypt made Eliakim his brother king over Judah and Jerusalem, changing his name to Jehoiakim. And Neco took his brother Jehoahaz away to Egypt.
 και κατέστησεν φαραω νεχω τὸν ελιακιμ υἱὸν ιωσιου βασιλέα ιουδα ἀντὶ ιωσιου τοῦ πατρὸς αὐτοῦ και μετέστρεψεν τὸ ὄνομα αὐτοῦ ιωακιμ και τὸν ιωαχαζ ἀδελφὸν αὐτοῦ ἔλαβεν φαραω νεχω και εισηγγαγεν αὐτὸν εἰς αἴγυπτον και ἀπέθανεν ἐκεῖ [4α] και τὸ ἀργύριον και τὸ χρυσίον ἔδωκαν τῷ φαραω τότε ἦρξατο ἡ γῆ φορολογεῖσθαι τοῦ δοῦναι τὸ ἀργύριον ἐπὶ στόμα φαραω και ἕκαστος κατὰ δ ὕναμιν ἀπῆτει τὸ ἀργύριον και τὸ χρυσίον παρὰ τοῦ λαοῦ τῆς γῆς δοῦναι τῷ φαραω νεχω
- 5 Jojakim te gen vennsenkan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènènan nan lavil Jerizalèm pandan onzan. Li te fè sa ki mal devan Seyè a, Bondye li a.
Jehoiakim was twenty-five years old when he became king; he was ruling in Jerusalem for eleven years, and he did evil in the eyes of the Lord his God.
 ὢν εἴκοσι και πέντε ἐτῶν ιωακιμ ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν και ἑνδεκα ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ιερουσαλημ και ὄνομα τῆς μητρὸς αὐτοῦ ζεχωρα θυγάτηρ νηριου ἐκ ραμα και ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐναντίον κυρίου κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησαν οἱ πατέρες αὐτοῦ [5α] ἐν ταῖς ἡμέραις αὐτοῦ ἦλθεν ναβουχοδοноσορ βασιλεὺς βαβυλωνος εἰς τὴν γῆν και ἦν αὐτῷ δουλεύων τρία ἔτη και ἀπέστη ἀπ' αὐτοῦ [5β] και ἀπέστειλεν κύριος ἐπ' αὐτοὺς τοὺς χαλδαίους και ληστήρια σύρων και ληστήρια μωαβιτῶν και υἱὸν αμμων και τῆς σαμαρείας και ἀπέστησαν μετὰ τὸν λόγον τοῦτον κατὰ τὸν λόγον κυρίου ἐν χειρὶ τῶν παίδων αὐτοῦ τῶν προφητῶν [5ξ] πλην θυμὸς κυρίου ἦν ἐπὶ ιουδαν τοῦ ἀποστήσαι αὐτὸν ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ διὰ τὰς ἀμαρτίας μανασση ἐν πᾶσιν οἷς ἐποίησεν [5δ] και ἐν αἵματι ἀθῶφ ᾧ ἐξέγγενετο ιωακιμ και ἐπλησεν τὴν ιερουσαλημ αἵματος ἀθῶφου και οὐκ ἠθέλησεν κύριος ἐξολεθρεῦσαι αὐτούς
- 6 Nebikadneza, wa Babilòn, anvayi peyi Jida, li fè wa Jojakim prizonye, li mete l' anba chenn doub, li mennen l' lavil Babilòn.
Nebuchadnezzar, king of Babylon, came up against him, and took him away in chains to Babylon.
 και ἀνέβη ἐπ' αὐτὸν ναβουχοδοноσορ βασιλεὺς βαβυλωνος και ἔδησεν αὐτὸν ἐν χαλκαῖς πέδαις και ἀπήγαγεν αὐτὸν εἰς βαβυλῶνα
- 7 Nebikadneza pran tout bèl bagay ki te nan Tanp Seyè a, li pote yo lavil Babilòn, li mete yo nan tanp bondye pa l'.
And Nebuchadnezzar took away some of the vessels of the Lord's house, and put them in the house of his god in Babylon.
 και μέρος τῶν σκευῶν οἴκου κυρίου ἀπήνεγκεν εἰς βαβυλῶνα και ἔθηκεν αὐτὰ ἐν τῷ ναῷ αὐτοῦ ἐν βαβυλῶνι
- 8 Tout rès istwa Jojakim lan, jan li te sèvi vye zidòl yo ak tout mehanste li te fè yo, nou jwenn tou sa ekri nan liv Istwa wa peyi Jida ak wa peyi Izrayèl yo. Se Jojakim, pitit li, ki moute wa nan plas li.
Now the rest of the acts of Jehoiakim and the disgusting things he did, and all there is to be said against him, are recorded in the book of the kings of Israel and Judah; and Jehoiachin his son became king in his place.
 και τὰ λοιπὰ τῶν λόγων ιωακιμ και πάντα ἃ ἐποίησεν οὐκ ἰδοῦ ταῦτα γεγραμμένα ἐπὶ βιβλίῳ λόγων τῶν ἡμερῶν τοῖς βασιλεῦσιν ιουδα και ἐκοιμήθη ιωακιμ μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ και ἐτάφη ἐν γα νοζα μετὰ τῶν πατέρων αὐτοῦ και ἐβασίλευσεν ιεχονιας υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 9 Jojakim te gen dizwitan lè li moute wa peyi Jida. Li gouvènènan nan lavil Jerizalèm pandan twa mwa dis jou. Li menm tou, li te fè sa ki mal devan Seyè a.
Jehoiachin was eighteen years old when he became king; he was ruling in Jerusalem for three months and ten days, and he did evil in the eyes of the Lord.
 υἱὸς ὀκτωκαίδεκα ἐτῶν ιεχονιας ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν και τρίμηνον και δέκα ἡμέρας ἐβασίλευσεν ἐν ιερουσαλημ και ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου
- 10 Nan sezon prentan ki vin apre sa, wa Nebikadneza fè Jojakim prizonye, li mennen l' lavil Babilòn. Li pran tout richès ki te nan Tanp Seyè a pote ale. Apre sa, Nebikadneza pran Sedesyas, frè papa Jojakim, li mete l' wa lavil Jerizalèm nan peyi Jida.
In the spring of the year King Nebuchadnezzar sent and took him away to Babylon, with the beautiful vessels of the house of the Lord, and made Zedekiah, his father's brother, king over Judah and Jerusalem.
 και ἐπιστρέφοντας τοῦ ἐνιαυτοῦ ἀπέστειλεν ὁ βασιλεὺς ναβουχοδοноσορ και εισηγγεκεν αὐτὸν εἰς βαβυλῶνα μετὰ τῶν σκευῶν τῶν ἐπιθυμητῶν οἴκου κυρίου και ἐβασίλευσεν σεδεκιαν ἀδελφὸν τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐπὶ ιουδαν και ιερουσαλημ
- 11 ¶ Sedesyas te gen venteyennan lè li vin wa peyi Jida. Li pase onzan lavil Jerizalèm ap gouvènènan peyi a.
Zedekiah was twenty-one years old when he became king; he was ruling in Jerusalem for eleven years.
 ἐτῶν εἴκοσι ἐνὸς σεδεκιας ἐν τῷ βασιλεύειν αὐτὸν και ἑνδεκα ἔτη ἐβασίλευσεν ἐν ιερουσαλημ
- 12 Li fè sa ki mal devan Seyè a, li pa t' soumèt devan pwofèt Jeremi ki t'ap pale pawòl Bondye nan zòrèy li.
He did evil in the eyes of the Lord, and did not make himself low before Jeremiah the prophet who gave him the word of the Lord.
 και ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἐνώπιον κυρίου θεοῦ αὐτοῦ οὐκ ἐνετράπη ἀπὸ προσώπου ιερεμιου τοῦ προφήτου και ἐκ στόματος κυρίου
- 13 Sedesyas leve kont wa Nebikadneza ki te fè l' sèmantè devan Bondye li t'ap toujou soumèt devan li. Li fè tèt di, li derefizè chanje lavi li t'ap mennen an pase pou l' ta tounen vin jwenn Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la.
And he took up arms against King Nebuchadnezzar, though he had made him take an oath by God; but he made his neck stiff and his heart hard, turning away from the Lord, the God of Israel.
 ἐν τῷ τὰ πρὸς τὸν βασιλέα ναβουχοδοноσορ ἀθετήσαι ἃ ὥρκισεν αὐτὸν κατὰ τοῦ θεοῦ και ἐσκλήρυνεν τὸν τράχηλον αὐτοῦ και τὴν καρδίαν αὐτοῦ κατίσχυσεν τοῦ μὴ ἐπιστρέψαι πρὸς κύριον θεὸν ἱσραηλ.

- 14 Ata lòt chèf peyi Jida yo, prèt yo ansanm ak tout pèp la te lage kò yo nan sèvi yon bann vye zidòl, tankou tout lòt nasyon yo te konn fè. Yo derespekte Tanp Seyè a te mete apa pou li menm lavil Jerizalèm.
And more than this, all the great men of Judah and the priests and the people made their sin great, turning to all the disgusting ways of the nations; and they made unclean the house of the Lord which he had made holy in Jerusalem.
καὶ πάντες οἱ ἔνδοξοι ἰουδα καὶ οἱ ἱερεῖς καὶ ὁ λαὸς τῆς γῆς ἐπλήθυναν τοῦ ἀθετήσαι ἀθετήματα βδελυγμάτων ἔθνῶν καὶ ἐμίαναν τὸν οἶκον κυρίου τὸν ἐν ἱερουσαλημ
- 15 Seyè a, Bondye zansèt yo a, pa t' manke voye pwofèt pou avèti pèp li a, paske li pa t' vle anyen rive ni pèp li a ni Tanp li a.
And the Lord, the God of their fathers, sent word to them by his servants, sending early and frequently, because he had pity on his people and on his living-place;
καὶ ἐξαπέστειλεν κύριος ὁ θεὸς τῶν πατέρων αὐτῶν ἐν χειρὶ προφητῶν ὀρθρίζων καὶ ἀποστέλλων τοὺς ἀγγέλους αὐτοῦ ὅτι ἦν φειδόμενος τοῦ λαοῦ αὐτοῦ καὶ τοῦ ἀγιάσματος αὐτοῦ
- 16 Men, yo pase mesaje Bondye yo nan betiz, yo pa okipe sa Bondye te di yo, yo pase pwofèt yo anba rizib. Bout pou bout, Seyè a te vin sitèlman fache pa t' gen rechap pou yo ankò.
But they put shame on the servants of God, making sport of his words and laughing at his prophets, till the wrath of God was moved against his people, till there was no help.
καὶ ἦσαν μυκτηρίζοντες τοὺς ἀγγέλους αὐτοῦ καὶ ἐξουθενοῦντες τοὺς λόγους αὐτοῦ καὶ ἐμπαίζοντες ἐν τοῖς προφήταις αὐτοῦ ἕως ἀνέβη ὁ θυμὸς κυρίου ἐν τῷ λαῷ αὐτοῦ ἕως οὐκ ἦν ἴαμα
- 17 Se konsa Seyè a fè wa Babilòn lan moute vin atake yo. Wa a touye tout jenn gason peyi Jida a nan Tanp lan menm. Li pa t' gen pitye pou pesonn, granmoun kou timoun, fanm kou gason, malad ou pa malad. Bondye lage yo tout nan men wa a.
So he sent against them the king of the Chaldaeans, who put their young men to death with the sword in the house of their holy place, and had no pity for any, young man or virgin, old man or white-haired: God gave them all into his hands.
καὶ ἦγαγεν ἐπ' αὐτοὺς βασιλεῖα χαλδαίων καὶ ἀπέκτεινε τοὺς νεανίσκους αὐτῶν ἐν ῥομφαίᾳ ἐν οἴκῳ ἀγιάσματος αὐτοῦ καὶ οὐκ ἐφείσατο τοῦ σεδεκιου καὶ τὰς παρθένους αὐτῶν οὐκ ἤλεσην καὶ τοὺς πρεσβυτέρους αὐτῶν ἀπήγαγον τὰ πάντα παρέδωκεν ἐν χερσὶν αὐτῶν
- 18 Wa a menm pran dènye sa ki te nan Tanp lan ak nan pyès trezò Tanp lan ansanm ak richès wa a ak richès lòt gwo chèf yo, li pote yo lavil Babilòn.
And all the vessels of the house of God, great and small, and the stored wealth of the Lord's house and the wealth of the king and his chiefs, he took away to Babylon.
καὶ πάντα τὰ σκεῦῃ οἴκου θεοῦ τὰ μεγάλα καὶ τὰ μικρὰ καὶ τοὺς θησαυροὺς καὶ πάντας τοὺς θησαυροὺς βασιλέως καὶ μεγιστάνων πάντα εἰσήνεγκεν εἰς βαβυλῶνα
- 19 Lèfini, li mete dife nan Tanp lan. Li kraze miray lavil la. Li boule tout gwo kay yo ak tout bèl bagay koute chè ki te ladan yo.
And the house of God was burned and the wall of Jerusalem broken down; all its great houses were burned with fire and all its beautiful vessels given up to destruction.
καὶ ἐνέπρησεν τὸν οἶκον κυρίου καὶ κατέσκαψεν τὸ τεῖχος ἱερουσαλημ καὶ τὰς βάρεις αὐτῆς ἐνέπρησεν ἐν πυρὶ καὶ πᾶν σκεῦος ὥραϊον εἰς ἀφανισμόν
- 20 Li pran tout moun ki pa t' mouri yo, li depòte yo lavil Babilòn kote yo sèvi l', li menm ansanm ak pitit li yo, tankou esklav, jouk gouvènman an pase nan men wa peyi Pès la.
And all who had not come to death by the sword he took away prisoners to Babylon; and they became servants to him and to his sons till the kingdom of Persia came to power:
καὶ ἀπώκισεν τοὺς καταλοίπους εἰς βαβυλῶνα καὶ ἦσαν αὐτῷ καὶ τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ εἰς δούλους ἕως βασιλείας μῆδων
- 21 Se konsa, sa Seyè a te mete nan bouch pwofèt Jeremi an rive vre: Pandan swasanndizan tè a pral rete san yon moun ladan l', li pral pran repo pou tout jou repo yo pa t' janm ba li a.
So that the words of the Lord, which he said by the mouth of Jeremiah, might come true, till the land had had pleasure in her Sabbaths; for as long as she was waste the land kept the Sabbath, till seventy years were complete.
τοῦ πληρωθῆναι λόγον κυρίου διὰ στόματος ἱερεμίου ἕως τοῦ προσδέξασθαι τὴν γῆν τὰ σάββατα αὐτῆς σαββατίσαι πάσας τὰς ἡμέρας τῆς ἐρημώσεως αὐτῆς ἑσαββάτισεν εἰς συμπλήρωσιν ἑτῶν ἑβδόμηκοντα
- 22 ¶ Lè sa a, wa Siris pa t' ankò gen ennan depi li t'ap gouvènen peyi Pès la, lè Seyè a mete lide nan tèt wa a pou li bay yon lòd, fè kouche l' sou papye, voye l' toupatou nan peyi a pou yo te ka li l' pou tout moun tande. Sa te pase konsa pou pawòl Seyè a te mete nan bouch pwofèt Jeremi an te ka rive vre. Men lòd la:
Now in the first year of Cyrus, king of Persia, in order that the words which the Lord had said by the mouth of Jeremiah might come true, the spirit of Cyrus, king of Persia, was moved by the Lord, and he made a public statement and had it given out through all his kingdom and put in writing, saying,
ἔτους πρώτου κύρου βασιλέως περσῶν μετὰ τὸ πληρωθῆναι ῥῆμα κυρίου διὰ στόματος ἱερεμίου ἐξήγγειρεν κύριος τὸ πνεῦμα κύρου βασιλέως περσῶν καὶ παρήγγειλεν κηρῦσαι ἐν πάσῃ τῇ βασιλείᾳ αὐτοῦ ἐν γραπτῷ λέγων
- 23 -Mwen menm Siris, wa peyi Pès la, men lòd mwen bay: Seyè a, Bondye nan syèl la, te mete m' chèf sou tout peyi ki sou latè. Li ban m' reskonsablite pou m' bati yon Tanp pou li lavil Jerizalèm nan peyi Jida. Nou mande pou Bondye pèp sa a beni tout moun ki fè pati pèp Izrayèl la, pou yo moute lavil Jerizalèm.
Cyrus, king of Persia, has said, All the kingdoms of the earth have been given to me by the Lord, the God of heaven; and he has made me responsible for building a house for him in Jerusalem, which is in Judah. Whoever there is among you of all his people, may the Lord his God be with him and let him go up.
τάδε λέγει κύρος βασιλεὺς περσῶν πάσας τὰς βασιλείας τῆς γῆς ἔδωκέν μοι κύριος ὁ θεὸς τοῦ οὐρανοῦ καὶ αὐτὸς ἐνετείλατό μοι οἰκοδομῆσαι αὐτῷ οἶκον ἐν ἱερουσαλημ ἐν τῇ ἰουδαίᾳ τίς ἐξ ὑμῶν ἐκ παντὸς τοῦ λαοῦ αὐτοῦ ἔσται ὁ θεὸς αὐτοῦ μετ' αὐτοῦ καὶ ἀναβήτω .

- 1 ¶ Lè sa a, wa Siris pa t' ankò gen ennan depi li t'ap gouvènen peyi Pès la, lè Seyè a mete lide nan tèt wa a pou li bay yon lòd, fè kouche l' sou papye voye toupatou nan peyi a pou yo te ka li l' pou tout moun tande. Sa te pase konsa pou pawòl Seyè a te mete nan bouch pwofèt Jeremi an te ka rive vre. Men lòd la:
Now in the first year of Cyrus, king of Persia, in order that the word of the Lord given by the mouth of Jeremiah might come true, the spirit of Cyrus, king of Persia, was moved by the Lord, so that he made a public statement through all his kingdom, and put it in writing, saying,
καὶ ἤγαγεν ἰωσίας τὸ πασχα ἐν ἱερουσαλημ τῷ κυρίῳ αὐτοῦ καὶ ἔθυσεν τὸ πασχα τῇ τεσσαρεσκαίδεκάτῃ ἡμέρᾳ τοῦ μηνὸς τοῦ πρώτου
- 2 -Mwen menm Siris, wa peyi Pès, men lòd mwen bay: Seyè a, Bondye nan syèl la, te mete m' chèf sou tout peyi ki sou latè. Li ban m' responsablite pou m' bati yon tanp pou li lavil Jerizalèm, nan peyi Jida.
These are the words of Cyrus, king of Persia: The Lord God of heaven has given me all the kingdoms of the earth; and he has made me responsible for building a house for him in Jerusalem, which is in Judah.
στήσας τοὺς ἱερεῖς κατ' ἐφημερίας ἐστολισμένους ἐν τῷ ἱερῷ τοῦ κυρίου
- 3 Nou mande pou Bondye pèp Izrayèl la beni tout moun ki fè pati pèp sa a pou yo moute lavil Jerizalèm, nan peyi Jida, pou yo rebati Tanp Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, Bondye yo adore lavil Jerizalèm lan.
Whoever there is among you of his people, may his God be with him, and let him go up to Jerusalem, which is in Judah, and take in hand the building of the house of the Lord, the God of Israel; he is the God who is in Jerusalem.
καὶ εἶπεν τοῖς λευίταις ἱεροδοῦλοις τοῦ ἰσραηλ ἁγιάσαι ἑαυτοὺς τῷ κυρίῳ ἐν τῇ θέσει τῆς ἁγίας κιβωτοῦ τοῦ κυρίου ἐν τῷ οἴκῳ ᾧ ᾠκοδόμησεν σαλωμων ὁ τοῦ δαυιδ ὁ βασιλεὺς οὐκ ἔσται ὑμῖν ἄραι ἐπ' ὤμων αὐτήν
- 4 Toupatou nan peyi a, moun k'ap viv menm kote ak ti rès ki rete nan pèp Izrayèl la va ba yo konkou pou yo ka tounen nan peyi pa yo. Y'a ba yo ajan ak lò, pwovizyon ak bèt ansanm ak tout lòt bagay yo vle ba yo pou yo ofri nan tanp Bondye a ki nan lavil Jerizalèm lan.
And whoever there may be of the rest of Israel, living in any place, let the men of that place give him help with offerings of silver and gold and goods and beasts, in addition to the offering freely given for the house of God in Jerusalem.
καὶ νῦν λατρεύετε τῷ κυρίῳ θεῷ ὑμῶν καὶ θεραπεύετε τὸ ἔθνος αὐτοῦ ἰσραηλ καὶ ἐτοιμάσατε κατὰ τὰς πατριὰς καὶ τὰς φυλάς ὑμῶν κατὰ τὴν γραφὴν δαυιδ βασιλέως ἰσραηλ καὶ κατὰ τὴν μεγαλειότητα σαλωμων τοῦ υἱοῦ αὐτοῦ
- 5 ¶ Lè sa a, chèf branch fanmi Jida ak chèf branch fanmi Benjamen yo, prèt yo, moun Levi yo ak tout lòt moun ki te fè lide a gremesi Seyè a, yo leve pou y' al rebati kay Seyè a nan lavil Jerizalèm.
Then the heads of families of Judah and Benjamin, with the priests and the Levites, got ready, even all those whose spirits were moved by God to go up and take in hand the building of the Lord's house in Jerusalem.
καὶ στάντες ἐν τῷ ἱερῷ κατὰ τὴν μεριδαρχίαν τὴν πατρικὴν ὑμῶν τῶν λευιτῶν τῶν ἔμπροσθεν τῶν ἀδελφῶν ὑμῶν υἱῶν ἰσραηλ ἐν τάξει
- 6 Tout vwazen yo te ba yo tout kalite konkou, bagay fèt an ajan ak an lò, pwovizyon, bèt ak anpil lòt bagay ki gen anpil valè, san konte tout kalite bagay yo te vle bay pou ofri nan tanp lan.
And all their neighbours gave them help with offerings of vessels of silver and gold and goods and beasts and things of great value, in addition to what was freely offered.
θύσατε τὸ πασχα καὶ τὰς θυσίας ἐτοιμάσατε τοῖς ἀδελφοῖς ὑμῶν καὶ ποιήσατε τὸ πασχα κατὰ τὸ πρόσταγμα τοῦ κυρίου τὸ δοθὲν τῷ μουσῆ
- 7 Nan tan lontan, wa Nèbikadneza te pran tout bòl ak tout lòt bagay ki t'ap sèvi nan tanp Seyè a lavil Jerizalèm, li te mete yo nan tanp bondye pa l' la. Wa Siris fè chache tout bagay sa yo.
And Cyrus the king got out the vessels of the house of the Lord which Nebuchadnezzar had taken from Jerusalem and put in the house of his gods;
καὶ ἔδωρήσατο ἰωσίας τῷ λαῷ τῷ εὐρεθέντι ἄρνῶν καὶ ἐρίφων τριάκοντα χιλιάδας μόσχους τρισχιλίους ταῦτα ἐκ τῶν βασιλικῶν ἐδόθη κατ' ἐπαγγελίαν τῷ λαῷ καὶ τοῖς ἱερεῦσιν καὶ λευίταις
- 8 Li fè Mitridat ki te responsab tout richès peyi a mete yo deyò pou l' te kontwòle yo bay Chechbaza, gouvènè peyi Jida a.
Even these Cyrus made Mithredath, the keeper of his wealth, get out, and he gave them, after numbering them, to Sheshbazzar, the ruler of Judah.
καὶ ἔδωκεν χελκίας καὶ ζαχαρίας καὶ ησηλος οἱ ἐπιστάται τοῦ ἱεροῦ τοῖς ἱερεῦσιν εἰς πασχα πρόβατα δισχίλια ἑξακόσια μόσχους τριακοσίους
- 9 Men sa yo te jwenn: trant gwo bòl an lò pou mete ofrann mil (1.000) gwo bòl an ajan pou mete ofrann ventnèf lòt gwo kouto
And this is the number of them: there were thirty gold plates, a thousand silver plates, twenty-nine knives,
καὶ ἱεχονίας καὶ σαμιας καὶ ναθαναηλ ὁ ἀδελφὸς καὶ ασαβιας καὶ οχιηλος καὶ ιωραμ χιλίαρχοι ἔδωκαν τοῖς λευίταις εἰς πασχα πρόβατα πεντακισχίλια μόσχους ἑπτακοσίους
- 10 trant ti bòl an lò katsandis (410) ti bòl an ajan mil (1.000) lòt kalite bagay.
Thirty gold basins, four hundred and ten silver basins, and a thousand other vessels.
καὶ ταῦτα τὰ γενόμενα εὐπρεπῶς ἔστησαν οἱ ἱερεῖς καὶ οἱ λευῖται
- 11 Antou, sa te fè senkmilkatsan (5.400) divès kalite bagay an lò ak an ajan. Se tout bagay sa yo Chechbaza te pran ak li lè li t'ap kite lavil Babilòn ansanm ak lòt moun yo te depòte yo, pou tounen lavil Jerizalèm.
There were five thousand, four hundred gold and silver vessels. All these were taken back by Sheshbazzar, when those who had been taken prisoner went up from Babylon to Jerusalem.
ἔχοντες τὰ ἄζυμα κατὰ τὰς φυλάς

- 1 ¶ Men lis moun ki te kite peyi Babilòn pou yo tounen lavil Jerizalèm ak nan peyi Jida, chak moun nan lavil kote yo moun. Se moun sa yo wa Nèbikadneza te fè depòte nan peyi Babilòn.
Now these are the people of the divisions of the kingdom, among those who had been made prisoners by Nebuchadnezzar, king of Babylon, and taken away to Babylon, who went back to Jerusalem and Judah, everyone to his town;
- 14 Men konseye ki te pi pre l' yo se te Kachna, Cheta, Admata, Tachich, Meris, Masena ak Mimoukan, sèt gwo chèf ki te sot nan peyi Pès ak nan peyi Medi ki te gen dwa wè wa a lè yo vle. Lèfini, se yo ki te gen premye plas nan gouvènman an.
And second only to him were Carshena, Shethar, Admatha, Tarshish, Meres, Marsena, and Memucan, the seven rulers of Persia and Media, who were friends of the king, and had the first places in the kingdom:)
και προσῆλθεν αὐτῷ ἀρκεσαιος και σαρσαθαιος και μαλσησαρ οἱ ἄρχοντες περσῶν και μήδων οἱ ἐγγυς τοῦ βασιλέως οἱ πρῶτοι παρακαθήμενοι τῷ βασιλεῖ
- 15 Wa a di yo konsa: -Dapre lalwa, kisa pou m' fè larenn Vachti? Mwen voye nèg konfyans mwen yo al ba li yon lòd, li derefize obeyi m'.
What is to be done by law to Vashti the queen, because she has not done what King Ahasuerus, by his servants, gave her orders to do?
και ἀπήγγειλαν αὐτῷ κατὰ τοὺς νόμους ὡς δεῖ ποιῆσαι αστιν τῇ βασιλίσῃ ὅτι οὐκ ἐποίησεν τὰ ὑπὸ τοῦ βασιλέως προσταχθέντα διὰ τῶν εὐνούχων
- 16 Lè sa a Mimoukan pran lapawòl devan wa a ak tout lòt chèf yo, li di konsa: -Se pa sèlman wa a larenn Vachti manke dega. Se tout chèf ak tout gason k'ap viv nan tout peyi ki sou lòd wa a li manke dega.
And before the king and the captains, Memucan gave his answer: Vashti the queen has done wrong, not only to the king, but to all the captains and to all the peoples in all the divisions of the kingdom of King Ahasuerus;
και εἶπεν ὁ μουχαιος πρὸς τὸν βασιλέα και τοὺς ἄρχοντας οὐ τὸν βασιλέα μόνον ἠδίκησεν αστιν ἡ βασίλισσα ἀλλὰ και πάντας τοὺς ἄρχοντας και τοὺς ἡγουμένους τοῦ βασιλέως

- 17 Lè medam yo va konnen sa larenn Vachti fè a, yo tout yo pral pran mari yo pou bòbòy. Y'ap di: Wa Asyeris ki wa Asyeris, li te bay larenn Vachti lòd pou vin bò kote l', larenn lan te derefize!
For news of what the queen has done will come to the ears of all women, and they will no longer give respect to their husbands when it is said to them, King Ahasuerus gave orders for Vashti the queen to come before him and she came not.
καὶ γὰρ διηγήσατο αὐτοῖς τὰ ῥήματα τῆς βασιλίσσης καὶ ὡς ἀντεῖπεν τῷ βασιλεῖ ὡς οὐκ ἀντεῖπεν τῷ βασιλεῖ ἀρταξέρξη
- 18 Lè madanm chèf peyi Pès ak peyi Medi yo va konnen sa larenn lan fè la a, se sa ase yo pral pale nan zòrèy mari yo depi jòdi a menm. Lè sa a, toupatou medam yo p'ap respekte mari yo ankò. Mari yo menm pral fè kòlè sou madanm yo.
And the wives of the captains of Persia and Media, hearing what the queen has done, will say the same to all the king's captains. So there will be much shame and wrath.
οὕτως σήμερον αἱ τυραννίδες αἱ λοιπαὶ τῶν ἀρχόντων περσῶν καὶ μῆδων ἀκούσασαι τὰ τῷ βασιλεῖ λεχθέντα ὑπ' αὐτῆς τολμήσουσιν ὁμοίως ἀτιμάσαι τοὺς ἄνδρας αὐτῶν
- 19 Si wa a dakò, se pou l' fè yon deklarasyon pou l' fè tout moun konnen larenn Vachti pa janm gen dwa parèt devan l' ankò. Li pral chwazi yon lòt madanm pi bon pase l' mete larenn nan plas li. Lèfini, l'a fè ekri lòd sa a nan liv lalwa peyi Pès ak peyi Medi a, pou yo pa janm chanje l'.
If it is pleasing to the king, let an order go out from him, and let it be recorded among the laws of the Persians and the Medes, so that it may never be changed, that Vashti is never again to come before King Ahasuerus; and let the king give her place to another who is better than she.
εἰ οὐκ ὀφείλει τῷ βασιλεῖ προσταξάτω βασιλικόν καὶ γραφήτω κατὰ τοὺς νόμους μῆδων καὶ περσῶν καὶ μὴ ἄλλως χρῆσάσθω μηδὲ εἰσελθάτω ἔτι ἡ βασίλισσα πρὸς αὐτόν καὶ τὴν βασιλείαν αὐτῆς δότω ὁ βασιλεὺς γυναικὶ κρεῖττονι αὐτῆς
- 20 Y'a bibliye lòd wa a nan tout gwo peyi ou la pou tout moun konnen. Lè sa a, mesye yo te mèt grannèg, yo te mèt ti nèg, madanm yo va gen respè pou yo.
And when this order, given by the king, is made public through all his kingdom (for it is great), all the wives will give honour to their husbands, great as well as small.
καὶ ἀκουσθήτω ὁ νόμος ὁ ὑπὸ τοῦ βασιλέως ὃν ἔδωκεν ἐν τῇ βασιλείᾳ αὐτοῦ καὶ οὕτως πᾶσαι αἱ γυναῖκες περιθήσουσιν τιμὴν τοῖς ἀνδράσιν ἑαυτῶν ἀπὸ πτωχοῦ ἕως πλουσίου
- 21 Wa a ansanm ak chèf yo te renmen lide Mimoukan te bay la. Se konsa wa a fè sa Mimoukan te di fè a.
And this suggestion seemed good to the king and the captains; and the king did as Memucan said;
καὶ ἤρεσεν ὁ λόγος τῷ βασιλεῖ καὶ τοῖς ἄρχουσι καὶ ἐποίησεν ὁ βασιλεὺς καθὰ ἐλάλησεν ὁ μουχαιοῦ
- 22 Li voye mesaj nan tout peyi ki te anba baton kòmandman l' lan. Mesaj la te ekri nan lang chak peyi, jan yo ekri lang lan nan peyi a. Li voye di se pou chak gason chèf lakay yo: Lè yo pale, se fini!
And sent letters to all the divisions of the kingdom, to every division in the writing commonly used there, and to every people in the language which was theirs, saying that every man was to be the ruler in his house, and that this order was to be given out in the language of his people.
καὶ ἀπέστειλεν εἰς πᾶσαν τὴν βασιλείαν κατὰ χώραν κατὰ τὴν λέξιν αὐτῶν ὥστε εἶναι φόβον αὐτοῖς ἐν ταῖς οἰκίαις αὐτῶν
- 1 ¶ Apre sa, lè kolè wa a fin pase, lide wa a te toujou sou sa Vachti te fè a ak sou desizyon li menm li te pran lè sa a.
After these things, when the king's feelings were calmer, the thought of Vashti and what she had done and the order he had made against her, came back to his mind.
καὶ μετὰ τοὺς λόγους τούτους ἐκόπασεν ὁ βασιλεὺς τοῦ θυμοῦ καὶ οὐκέτι ἐμνήσθη τῆς ἀστὴν μνημονεύων οἷα ἐλάλησεν καὶ ὡς κατέκρινεν αὐτήν
- 2 Se konsa, nan moun ki toujou avèk wa a, gen ladan yo ki di l': -Poukisa ou pa mete moun chache pou ou kèk bèl ti jenn fi ki tifi toujou?
Then the servants who were waiting on the king said to him, Let search be made for some fair young virgins for the king:
καὶ εἶπαν οἱ διάκονοι τοῦ βασιλέως ζητηθήτω τῷ βασιλεῖ κοράσια ἄφθορα καλὰ τῷ εἶδει
- 3 Nan tout pwovens peyi ou la, wa chwazi kèk enspekte ki va chache dènye bèl ti jenn fi ki poko nan gason. Y'a mennen yo nan kay madanm ou yo, isit la, lavil Souz, kapital la. Wa mete yo sou kont Egayi, domestik konfyans ou ki rekonsab madanm ou yo, pou li ba yo tou sa yo bezwen pou fè kò yo bèl.
Let the king give authority to certain men in all the divisions of his kingdom, to get together all the fair young virgins and send them to Shushan, the king's town, to the women's house, under the care of Hegai, the king's servant, the keeper of the women: and let the things needed for making them clean be given to them;
καὶ καταστήσει ὁ βασιλεὺς κομάρχας ἐν πάσαις ταῖς χώραις τῆς βασιλείας αὐτοῦ καὶ ἐπιλεξάτωσαν κοράσια παρθενικὰ καλὰ τῷ εἶδει εἰς σουσαν τὴν πόλιν εἰς τὸν γυναικῶνα καὶ παραδοθήτωσαν τῷ εὐνούχῳ τοῦ βασιλέως τῷ φύλακι τῶν γυναικῶν καὶ δοθήτω σμῆγμα καὶ ἡ λοιπὴ ἐπιμέλεια
- 4 Lèfini, jenn fi ki va fè ou plezi plis la wa mete l' larenn nan plas Vachti a. Wa a wè se te yon bon lide, li fè sa konsa vre.
And let the girl who is pleasing to the king be queen in place of Vashti. And the king was pleased with this suggestion; and he did so.
καὶ ἡ γυνὴ ἣ ἂν ἀρέσῃ τῷ βασιλεῖ βασιλεύσει ἀντὶ ἀστὴν καὶ ἤρεσεν τῷ βασιλεῖ τὸ πρῶγμα καὶ ἐποίησεν οὕτως
- 5 Lè sa a, nan lavil Souz, kapital peyi a, te gen yon jwif ki te rele Madoche. Se te pitit Jayi, nan branch fanmi Benjamen. Li te sot nan fanmi Kich ak Chimeyi.
Now there was a certain Jew in Shushan named Mordecai, the son of Jair, the son of Shimei, the son of Kish, a Benjamite;
καὶ ἄνθρωπος ἦν Ἰουδαῖος ἐν σουσοῖς τῇ πόλει καὶ ὄνομα αὐτοῦ μαρδοχαῖος ὁ τοῦ ἰαῖρου τοῦ σεμεῖου τοῦ κισαίου ἐκ φυλῆς βενιαμιν
- 6 Lè Nèbikadnezza, wa peyi Babilòn lan, te pran Jekonya, wa peyi Jida a, ansanm ak lòt prizonnye yo nan lavil Jerizalèm pou l' te depòte yo, Madoche te ladan l' tou.
Who had been taken away from Jerusalem among those who had been made prisoner with Jeconiah, king of Judah, when Nebuchadnezzar, king of Babylon, had taken him away.
ὃς ἦν αἰχμάλωτος ἐξ ἱερουσαλὴμ ἦν ἠχμαλώτευσεν ναβουχοδονοσορ βασιλεὺς βαβυλῶνος

- 7 Li te gen yon ti kouzin li ki te rele Estè. Men bon non jwif li se te Adasa. Se te yon bèl fi anfòm. Lè papa l' ak manman l' mouri, Madoche te pran l' lakay li, li leve l' tankou pwòp pitit fi li. **And he had been a father to Hadassah, that is Esther, the daughter of his father's brother: for she had no father or mother, and she was very beautiful; and when her father and mother were dead, Mordecai took her for his daughter.**
καὶ ἦν τούτῳ παῖς θρηπτιῆς θυγατρὸς ἀμιναδαβ ἀδελφοῦ πατρὸς αὐτοῦ καὶ ὄνομα αὐτῆς εσθῆρ ἐν δὲ τῷ μεταλλάξαι αὐτῆς τοὺς γονεῖς ἐπαίδευσεν αὐτὴν ἑαυτῷ εἰς γυναῖκα καὶ ἦν τὸ κοράσιον καλὸν τῷ εἶδει
- 8 Apre yo te fin bibliye lòd wa a, yo mache chache anpil jenn fi, yo mennen yo lakay wa a lavil Souz, kapital la. Estè te ladan yo tou. Se konsa li te lakay wa a, sou kont Egayi ki te reskonsab tout madanm wa yo. **So when the order made by the king was publicly given out, and a number of girls had been placed in the care of Hegai in the king's house in Shushan, Esther was taken into the king's house and put in the care of Hegai, the keeper of the women.**
καὶ ὅτε ἠκούσθη τὸ τοῦ βασιλέως πρόσταγμα συνήχθησαν κοράσια πολλὰ εἰς σουσαν τὴν πόλιν ὑπὸ χεῖρα γαί και ἤχθη εσθῆρ πρὸς γαί τὸν φύλακα τῶν γυναικῶν
- 9 Estè te fè Egayi plezi anpil. San l' te ale avè l'. Li pa pèdi tan li, li ba li tou sa li te bezwen pou fè kò l' bèl ak manje ki bon pou li. Li chwazi sèt bòn lakay wa a, li bay Estè pou sèvis pa l', epi li mete l' nan pi bon apatman ki te genyen nan kay madanm wa yo. **And he was pleased with the girl and was kind to her; and he quickly gave her what was needed for making her clean, and the things which were hers by right, and seven servant-girls who were to be hers from the king's house: and he had her and her servant-girls moved to the best place in the women's part of the house.**
καὶ ἤρεσεν αὐτῷ τὸ κοράσιον καὶ εὖρεν χάριν ἐνώπιον αὐτοῦ καὶ ἔσπευσεν αὐτῇ δοῦναι τὸ σμήγμα καὶ τὴν μερίδα καὶ τὰ ἐπτὰ κοράσια τὰ ἀποδεδειγμένα αὐτῇ ἐκ βασιλικῶν καὶ ἐχρήσατο αὐτῇ καλῶς καὶ ταῖς ἄβραις αὐτῆς ἐν τῷ γυναικῶνι
- 10 Estè pa t' kite pèsonn konnen moun ki peyi ak ki ras li te ye, paske Madoche te ba li lòd pou l' pa t' di anyen sou sa. **Esther had not said what family or people she came from, for Mordecai had given her orders not to do so.**
καὶ οὐχ ὑπέδειξεν εσθῆρ τὸ γένος αὐτῆς οὐδὲ τὴν πατρίδα ὃ γὰρ μαρδοχαῖος ἐνετείλατο αὐτῇ μὴ ἀπαγγεῖλαι
- 11 Chak jou, Madoche bò pa l' menm t'ap pwonmennen devan lakou kay medam yo pou l' te konnen jan Estè t'ap degaje l', ki jan sa tapral pase pou li. **And every day Mordecai took his walk before the square of the women's house, to see how Esther was and what would be done to her.**
καθ' ἑκάστην δὲ ἡμέραν ὁ μαρδοχαῖος περιεπάτει κατὰ τὴν αὐλὴν τὴν γυναικειῶν ἐπισκοπῶν τί εσθῆρ συμβήσεται
- 12 Yo te pran yon lanne nèt pou pare jenn fi yo. Yo pase sis mwa ap pran masaj ak lwil fèt ak lami, sis mwa ak odè ansanm ak krèm fèt pou madan marye. Apre sa, yo mennen jenn fi yo yonn apre lòt al jwenn wa Asyeris. **Now every girl, when her turn came, had to go in to King Ahasuerus, after undergoing, for a space of twelve months, what was ordered by the law for the women (for this was the time necessary for making them clean, that is, six months with oil of myrrh and six months with sweet perfumes and such things as are needed for making women clean):**
οὗτος δὲ ἦν καιρὸς κορασίῳ εἰσελθεῖν πρὸς τὸν βασιλέα ὅταν ἀναπληρώσῃ μῆνας δέκα δύο οὕτως γὰρ ἀναπληροῦνται αἱ ἡμέραι τῆς θεραπείας μῆνας ἕξ ἀλειφόμεναι ἐν σμυρνίνῳ ἐλαίῳ καὶ μῆνας ἕξ ἐν τοῖς ἀρώμασιν καὶ ἐν τοῖς σμήγμασιν τῶν γυναικῶν
- 13 Men ki jan sa te fèt: lè yon jenn fi ap kite kay medam yo pou ale kay wa a, yo ba li tou sa li te vle mete sou li. **And in this way the girl went in to the king; whatever she had a desire for was given to her to take with her from the women's house into the house of the king.**
καὶ τότε εἰσπορεύεται πρὸς τὸν βασιλέα καὶ ὃ ἐὰν εἴπῃ παραδώσει αὐτῇ συνεισέρχεσθαι αὐτῇ ἀπὸ τοῦ γυναικῶνος ἕως τῶν βασιλείων
- 14 Se yon jou swa yo toujou mennen l'. Nan maten, yo fè l' ale nan yon lòt kay wa a te genyen pou fanm kay li yo. Yo renmèt li nan men Chagaz ki te reskonsab kay sa a. Jenn fi a pa t' gen pou l' te tounen kay wa a ankò, esepite si wa a te vle. Lè konsa, se wa a ki pou bay non fi li vle a. **In the evening she went, and on the day after she came back to the second house of the women, into the keeping of Shaashgaz, one of the king's unsexed servants who had the care of the king's wives: only if the king had delight in her and sent for her by name did she go in to him again.**
ὁ εἰς τὴν εἰσπορεύεται καὶ πρὸς ἡμέραν ἀποτρέχει εἰς τὸν γυναικῶνα τὸν δευτερον οὗ γαί ὁ εὐνοῦχος τοῦ βασιλέως ὁ φύλαξ τῶν γυναικῶν καὶ οὐκέτι εἰσπορεύεται πρὸς τὸν βασιλέα ἐὰν μὴ κληθῆ ὄνομα τι
- 15 Jou pou Estè ale kay wa a rive. Estè, pitit fi Abikayil la, kouzin Madoche te pran pou pitit fi li a, leve, li pa mande anyen pase sa Egayi, domestik konfyans wa a ki te reskonsab jenn fi yo, te ba li konsèy mande pou mete sou li. Tout moun tonbe pou Estè lè yo wè l'. **Now when the time came for Esther, the daughter of Abihail, his father's brother, whom Mordecai had taken as his daughter, to go in to the king, she made request for nothing but what Hegai, the king's servant and keeper of the women, had given her. And Esther was looked on kindly by all who saw her.**
ἐν δὲ τῷ ἀναπληροῦσθαι τὸν χρόνον εσθῆρ τῆς θυγατρὸς ἀμιναδαβ ἀδελφοῦ πατρὸς μαρδοχαίου εἰσελθεῖν πρὸς τὸν βασιλέα οὐδὲν ἠθέτησεν ὧν αὐτῇ ἐνετείλατο ὁ εὐνοῦχος ὁ φύλαξ τῶν γυναικῶν ἦν γὰρ εσθῆρ εὐρίσκουσα χάριν παρὰ πάντων τῶν βλέπόντων αὐτήν
- 16 Se konsa, Asyeris t'ap mache sou sètan depi li te wa, nan dizyèm mwa, mwa yo rele Tebèt la, lè yo mennen Estè devan wa a lakay li. **So Esther was taken in to King Ahasuerus in his house in the tenth month, which is the month Tebeth, in the seventh year of his rule.**
καὶ εἰσῆλθεν εσθῆρ πρὸς ἀρταξέρξην τὸν βασιλέα τῷ δωδεκάτῳ μηνί ὃς ἐστὶν ἀδαρ τῷ ἑβδόμῳ ἔτει τῆς βασιλείας αὐτοῦ

- 17 Wa a tonbe pou Estè plis pase pou tout lòt fanm li te janm konnen. Estè te rive fè wa a plezi plis pase tout lòt jenn fi yo. Wa a renmen l' plis pase lòt yo. Li mete kouwòn li a sou tèt Estè, li nonmen l' larenn nan plas Vachti a.
 And Esther was more pleasing to the king than all the women, and to his eyes she was fairer and more full of grace than all the other virgins: so he put his crown on her head and made her queen in place of Vashti.
 και ήράσθη ό βασιλεύς εσθηρ και εύρεν χάριν παρὰ πάσας τύς παρθένους και επέθηκεν αύτή τὸ διάδημα τὸ γυναικειόν
- 18 Lèfini, li voye envite tout chèf li yo ak moun pa l' yo, li fè yon gwo resepsyon pou Estè. Li bay yon jou vakans nan tout peyi a nèt. Apre sa, li bay kado adwat agoch jan wa yo konn fè l' la.
 Then the king gave a great feast for all his captains and his servants, even Esther's feast; and he gave orders through all the divisions of his kingdom for a day of rest from work, and gave wealth from his store.
 και έποίησεν ό βασιλεύς πότον πᾶσι τοίς φίλοις αύτου και ταίς δυνάμεσιν επί ήμέρας έπτά και ύψωσεν τούς γάμους εσθηρ και άφεισιν έποίησεν τοίς ύπό την βασιλείαν αύτου
- 19 Pandan tout tan yo t'ap mennen jenn fi yo bay wa a, Madoche te chita bò pòtay palè a.
 And when the virgins came together in the second house of the women, Mordecai took his seat in the doorway of the king's house.
 ό δέ μαρδοχαίος έθεράπευεν έν τή αύλή
- 20 Estè menm pa t' kite pèsonn konnen moun ki peyi ak ki ras li te ye. Madoche te ba li lòd pa di anyen sou sa. Estè te obeyi l' jan li te toujou obeyi l' lè li te timoun lakay li.
 Esther had still said nothing of her family or her people, as Mordecai had given her orders; for Esther did what Mordecai said, as when she was living with him.
 ή δέ εσθηρ ούχ ύπέδειξεν την πατριδα αύτης ούτως γάρ ένετείλατο αύτή μαρδοχαίος φοβείσθαι τόν θεόν και ποιείν τὰ προστάγματα αύτου καθώς ήν μετ' αύτου και εσθηρ ού μετήλλαξεν την άγωγήν αύτης
- 21 ¶ Antan Madoche te chita bò pòtay la, de domestik konfyans wa a, Bigtan ak Tèrèch, ki t'ap fè pòs devan chanm wa a, fache sou wa a, yo fè konplo pou yo touye l'.
 In those days, while Mordecai was seated at the king's doorway, two of the king's servants, Bigthan and Teresh, keepers of the door, being angry, were looking for a chance to make an attack on King Ahasuerus.
 και έλυπήθησαν οι δύο εύνούχοι του βασιλέως οι άρχισωματοφύλακες ότι προήχθη μαρδοχαίος και έζήτουν άποκτείναι άρταξέρξην τόν βασιλέα
- 22 Madoche vin konn sa. Li di larenn Estè sa. Larenn Estè menm al di wa a men sa Madoche voye di l'.
 And Mordecai, having knowledge of their purpose, sent word of it to Esther the queen; and Esther gave the news to the king in Mordecai's name.
 και έδηλώθη μαρδοχαίφ ό λόγος και έσήμανεν εσθηρ και αύτή ένεφάνισεν τφ βασιλεί τὰ της έπιβουλής
- 23 Yo mennen ankèt, yo jwenn sa Madoche te di a se te vre. Yo pann de mesye yo. Lèfini, wa a bay lòd pou yo ekri koze a nan gwo liv achiv gouvènman yo.
 And when the thing had been looked into, it was seen to be true, and the two of them were put to death by hanging on a tree: and it was put down in the records before the king.
 ό δέ βασιλεύς ήτασεν τούς δύο εύνούχους και έκρέμασεν αυτούς και προσέταξεν ό βασιλεύς καταχωρίσαι εις μνημόσυνον έν τή βασιλική βιβλιοθήκη ύπερ της εύνοίας μαρδοχαίου έν έγκωμίφ
- 1 ¶ Kèk tan apre sa, wa Asyeris mete yon nonm ki te rele Aman nan yon gwo pozisyon. Li nonmen l' chèf sou tout lòt chèf nan peyi a apre wa a. Aman sa a te pitit Amedata, moun fanmi wa Agag.
 After these things, by the order of the king, Haman, the son of Hammedatha the Agagite, was lifted up and given a position of honour and a higher place than all the other captains who were with him.
 μετὰ δέ ταύτα έδόξασεν ό βασιλεύς άρταξέρξης αμαν αμαδαθου βουγαίον και ύψωσεν αυτόν και έπροτοβάθρει πάντων τών φίλων αύτου
- 2 Wa a pase lòd pou tout anplwaye gouvènman li mete ajenou, bese tèt yo jouk atè devan Aman pou montre jan yo respekte l'. Tout anplwaye yo te fè sa vre esepite Madoche ki te derefize fè bagay konsa.
 And all the king's servants who were in the king's house went down to the earth before Haman and gave him honour: for so the king had given orders. But Mordecai did not go down before him or give him honour.
 και πάντες οι έν τή αύλή προσεκύνουν αύτφ ούτως γάρ προσέταξεν ό βασιλεύς ποιήσαι ό δέ μαρδοχαίος ού προσεκύνει αύτφ
- 3 Lòt anplwaye yo mande Madoche poukisa li t'ap dezobeyi lòd wa a te bay la.
 Then the king's servants who were in the king's house said to Mordecai, Why do you go against the king's order?
 και έλάλησαν οι έν τή αύλή του βασιλέως τφ μαρδοχαίφ μαρδοχαίε τί παρακούεις τὰ ύπό του βασιλέως λεγόμενα
- 4 Chak jou yo te deyè l' pou l' te konfòm l'. Men, li te refize koute yo. Li esplike yo se jwif li ye, li pa kapab bese tèt li jouk atè devan Aman. Se konsa mesye yo al di Aman sa pou yo wè si li pa t'ap di Madoche anyen.
 Now when they had said this to him day after day and he gave no attention, they let Haman have news of it, to see if Mordecai's behaviour would be overlooked: for he had said to them that he was a Jew.
 καθ' εκάστην ήμέραν έλάλουν αύτφ και ούχ ύπήκουεν αύτων και ύπέδειξαν τφ αμαν μαρδοχαίον τοίς του βασιλέως λόγους άντιτασσόμενον και ύπέδειξεν αύτοίς ό μαρδοχαίος ότι ιουδαίός έστιν

- 5 Lè Aman wè Madoche te derefize ni mete ajenou, ni bese tèt li jouk atè devan li lè l'ap pase, li ofiske.
 And when Haman saw that Mordecai did not go down before him and give him honour, Haman was full of wrath.
 και ἐπιγνώδης αμᾶν ὄτι οὐ προσκυνεῖ αὐτῷ μαρδοχαῖος ἐθνομῶθη σφόδρα
- 6 Lè li vin konnen menm se jwif Madoche te ye, li fè lide se pa Madoche sèlman l'ap pini. L'ap òganize l' pou l' touye dènve kras jwif ki nan peyi wa Asyeris la.
 But it was not enough for him to make an attack on Mordecai only; for they had made clear to him who Mordecai's people were; so Haman made it his purpose to put an end to all the Jews, even Mordecai's people, through all the kingdom of Ahasuerus.
 και ἐβουλεύσατο ἀφανίσει πάντας τοὺς ὑπὸ τὴν ἀρταξέρξου βασιλείαν ἰουδαίους
- 7 ¶ Lè sa a, wa Asyeris t'ap mache sou douzan depi li t'ap gouvènen. Nan premye mwa a, mwa Nisan an, Aman mande yon divinò fè l' konnen ki jou ak ki mwa ki pi bon pou l' fè sa l' te vle fè a. Se konsa yo tonbe sou douzyèm mwa a, mwa Ada a.
 In the first month, the month Nisan, in the twelfth year of King Ahasuerus, from day to day and from month to month they went on looking for a sign given by Pur (that is chance) before Haman, till the sign came out for the thirteenth day of the twelfth month, the month Adar.
 και ἐποίησεν ψήφισμα ἐν ἔτει δωδεκάτῳ τῆς βασιλείας ἀρταξέρξου και ἔβαλεν κλήρους ἡμέραν ἐξ ἡμέρας και μῆνα ἐκ μηνός ὥστε ἀπολέσαι ἐν μιᾷ ἡμέρᾳ τὸ γένος μαρδοχαίου και ἔπεσεν ὁ κλήρος εἰς τὴν τεσσαρεσκαίδεκάτην τοῦ μηνός ὃς ἐστὶν ἀδαρ
- 8 Lè sa a, Aman al di wa a: -Monwa, gen yon ras moun ki gaye nan tout peyi w'ap gouvènen yo, yo toupatou nan mitan pèp yo, men yo viv apa. Mès pa yo pa menm ak mès lòt pèp yo. Lèfini, yo derefize obeyi lòd ou bay yo. Li pa ta bon pou wa a fèmen je l' sou sa.
 And Haman said to King Ahasuerus, There is a certain nation living here and there in small groups among the people in all the divisions of your kingdom; their laws are different from those of any other nation, and they do not keep the king's laws: for this reason it is not right for the king to let them be.
 και ἐλάλησεν πρὸς τὸν βασιλέα ἀρταξέρξην λέγων ὑπάρχει ἔθνος διεσπαρμένον ἐν τοῖς ἔθνεσιν ἐν πάσῃ τῇ βασιλείᾳ σου οἱ δὲ νόμοι αὐτῶν ἕξᾳλλοι παρὰ πάντα τὰ ἔθνη τῶν δὲ νόμων τοῦ βασιλέως παρὰκούουσιν και οὐ συμφέρει τῷ βασιλεῖ ἑᾶσαι αὐτούς
- 9 Si wa a ta vle, li ta bay lòd pou yo touye yo. Si wa a fè sa, m'ap ranmase twasanswasannkenz (375) tòn ajan nan men anplwaye leta yo m'a mete nan kès wa a.
 If it is the king's pleasure, let a statement ordering their destruction be put in writing; and I will give to those responsible for the king's business, ten thousand talents of silver for the king's storehouse.
 εἰ δοκεῖ τῷ βασιλεῖ δογματισάτω ἀπολέσαι αὐτούς καθ' ὃ διαγράψω εἰς τὸ γαζοφυλάκιον τοῦ βασιλέως ἀργυρίου τάλαντα μύρια
- 10 Wa a ba li kat blanch. Li wete gwo bag ki nan dwèt li a bay Aman, pitit gason Amedata, moun ras Agag la, ki pa t' vle wè jwif yo.
 And the king took his ring from his hand and gave it to Haman, the son of Hammedatha the Agagite, the hater of the Jews.
 και περιελόμενος ὁ βασιλεὺς τὸν δακτύλιον ἔδωκεν εἰς χεῖρα τῷ αμᾶν σφραγίσαι κατὰ τῶν γεγραμμένων κατὰ τῶν ἰουδαίων
- 11 Epi wa a di l' konsa: -Mwen ba ou pèp sa a ansanm ak richès li yo. Fè sa ou vle ak yo.
 And the king said to Haman, The money is yours, and the people, to do with them whatever seems right to you.
 και εἶπεν ὁ βασιλεὺς τῷ αμᾶν τὸ μὲν ἀργύριον ἔχε τῷ δὲ ἔθνη χρῶ ὡς βούλει
- 12 Se konsa, nan trèzyèm jou premye mwa a, Aman fè rele tout sekretè wa yo, li ba yo yon piblikasyon pou yo mete nan lang chak peyi, jan yo ekri lang lan nan peyi a. Lèfini, li bay lòd pou yo voye l' bay tout prefè wa a, tout gouvènè pwovens yo ak tout chèf lòt pèp yo. Piblikasyon an te fèt nan non wa Asyeris. Lèfini, li mete so bag wa a anba li.
 Then on the thirteenth day of the first month, the king's scribes were sent for, and they put in writing Haman's orders to all the king's captains and the rulers of every division of his kingdom and the chiefs of every people: for every division of the kingdom in the writing commonly used there, and to every people in the language which was theirs; it was signed in the name of King Ahasuerus and stamped with the king's ring.
 και ἐκλήθησαν οἱ γραμματεῖς τοῦ βασιλέως μηνὶ πρώτῳ τῇ τρισκαίδεκάτῃ και ἔγραψαν ὡς ἐπέταξεν αμᾶν τοῖς στρατηγοῖς και τοῖς ἄρχουσιν κατὰ πάσαν χώραν ἀπὸ ἰνδικῆς ἕως τῆς αἰθιοπίας ταῖς ἐκ αὐτὸν εἰκοσι ἐπτὰ χώρας τοῖς τε ἄρχουσι τῶν ἐθνῶν κατὰ τὴν αὐτῶν λέξιν δι' ἀρταξέρξου τοῦ βασιλέως
- 13 Yo voye mesaje kouri pote piblikasyon an nan tout peyi ki anba kòmandman wa a. Piblikasyon an te bay lòd pou lè trèzyèm jou mwa Ada a va rive, yon sèl jou a pou yo te touye tout jwif yo, granmoun kou jennmoun, fanm kou timoun. Se pou yo te masakre yo san pitye, lèfini pou yo te piye tout byen yo.
 And letters were sent by the runners into every division of the kingdom ordering the death and destruction of all Jews, young and old, little children and women, on the same day, even the thirteenth day of the twelfth month, the month Adar, and the taking of all their goods by force.
 και ἀπεστάλη διὰ βιβλιαφόρων εἰς τὴν ἀρταξέρξου βασιλείαν ἀφανίσει τὸ γένος τῶν ἰουδαίων ἐν ἡμέρᾳ μιᾷ μηνός δωδεκάτου ὃς ἐστὶν ἀδαρ και διαρπάσει τὰ ὑπάρχοντα αὐτῶν
- 14 Yo voye yon kopi piblikasyon an nan chak pwovens avèk lòd esprès pou yo te fè tout moun konnen pou yo pare kò yo pou jou sa a.
 A copy of the writing, to be made public in every part of the kingdom, was sent out to all the peoples, so that they might be ready when that day came.
 τὰ δὲ ἀντίγραφα τῶν ἐπιστολῶν ἐξετίθετο κατὰ χώραν και προσετάγη πᾶσι τοῖς ἔθνεσιν ἐτοίμους εἶναι εἰς τὴν ἡμέραν ταύτην

- 15 Dapre lòd wa a, mesaje yo kouri pote mesaj la nan tout pwovens yo. Yo pibliye nouvèl la tou nan lavil Souz, kapital la. Tout lavil Souz te tèt anba, wa a menm te chita ap bwè ak Aman.
The runners went out quickly by the king's order, and a public statement was made in Shushan: and the king and Haman took wine together: but the town of Shushan was troubled.
ἐσπεύδeto δὲ τὸ πρᾶγμα καὶ εἰς σουσαν ὁ δὲ βασιλεὺς καὶ αμαν ἐκωθονίζοντο ἐταράσσετο δὲ ἡ πόλις
- 1 ¶ Lè Madoche pran nouvèl tou sa ki t'ap pase, sa te fè l' lapenn anpil. Li chire rad sou li. Li mete yon rad sak anwo li ak sann dife sou tèt li, li pran lari pou li, li t'ap rele, li t'ap plenn byen fò.
Now when Mordecai saw what was done, pulling off his robe, he put on haircloth, with dust on his head, and went out into the middle of the town, crying out with a loud and bitter cry.
ὁ δὲ μαρδοχαῖος ἐπιγνούς τὸ συντελούμενον διέρρηξεν τὰ ἱμάτια αὐτοῦ καὶ ἐνεδύσατο σάκκον καὶ κατεπάσατο σποδὸν καὶ ἐκηδηόησας διὰ τῆς πλατείας τῆς πόλεως ἐβόα φωνῆ μεγάλη αἶρεται ἔθνος μ ἠδὲν ἡδουκικός
- 2 Li rive devan pòtay palè a. Li pa antre, paske moun pa gen dwa antre anndan kay wa a ak rad sak sou yo.
And he came even before the king's doorway; for no one might come inside the king's door clothed in haircloth.
καὶ ἦλθεν ἕως τῆς πόλης τοῦ βασιλέως καὶ ἔστη οὐ γὰρ ἦν ἐξὸν αὐτῷ εἰσελθεῖν εἰς τὴν αὐλὴν σάκκον ἔχοντι καὶ σποδὸν
- 3 Nan tout pwovens yo, toupatou kote yo te pibliye lòd wa a, se te yon gwo lafliksyon pou jwif yo. Yo fè jèn, yo t'ap kriye, yo t'ap plenn. Anpil ladan yo mete rad sak sou yo, yo kouche nan sann dife.
And in every part of the kingdom, wherever the king's word and his order came, there was great sorrow among the Jews, and weeping and crying and going without food; and numbers of them were stretched on the earth covered with dust and haircloth.
καὶ ἐν πάσῃ χώρᾳ οὐ ἔξετίθετο τὰ γράμματα κραυγῆ καὶ κοπετὸς καὶ πένθος μέγα τοῖς ἰουδαίοις σάκκον καὶ σποδὸν ἔστρωσαν ἑαυτοῖς
- 4 Lè sèvant Estè yo ansanm ak domestik konfyans li yo al di li sa Madoche t'ap fè, sa te boulvèse li anpil. Estè voye bon rad bay Madoche pou li te ka wete rad sak la sou li. Men Madoche derefize.
And Esther's women and her servants came and gave her word of it. Then great was the grief of the queen: and she sent robes for Mordecai, so that his clothing of haircloth might be taken off; but he would not have them.
καὶ εἰσήλθον αἱ ἄβραι καὶ οἱ εὐνοῦχοι τῆς βασιλείσης καὶ ἀνήγγειλαν αὐτῇ καὶ ἐταράχθη ἀκούσασα τὸ γεγονὸς καὶ ἀπέστειλεν στολίσαι τὸν μαρδοχαῖον καὶ ἀφελῆσθαι αὐτοῦ τὸν σάκκον ὁ δὲ οὐκ ἐπέι σθη
- 5 ¶ Lè sa a, Estè rele Atach, yonn nan domestik konfyans wa a te ba li pou sèvis li, li voye l' bò kote Madoche pou konnen sa k'ap pase ak poukisa l'ap fè sa.
Then Esther sent for Hathach, one of the king's unsexed servants whom he had given her for waiting on her, and she gave him orders to go to Mordecai and see what this was and why it was.
ἡ δὲ ἐσθηρ προσεκαλέσατο ἀχραθαῖον τὸν εὐνοῦχον αὐτῆς ὃς παρειστήκει αὐτῇ καὶ ἀπέστειλεν μαθεῖν αὐτῇ παρὰ τοῦ μαρδοχαίου τὸ ἀκριβές
- 7 Madoche rakonte l' tou sa ki te rive l', ki jan Aman te pwomèt pou l' te bay anpil lajan pou mete nan kès wa a si wa a te dakò pou yo masakre tout jwif yo.
And Mordecai gave him an account of what had taken place, and of the amount of money which Haman had said he would put into the king's store for the destruction of the Jews.
ὁ δὲ μαρδοχαῖος ὑπέδειξεν αὐτῷ τὸ γεγονὸς καὶ τὴν ἐπαγγελίαν ἣν ἐπηγγείλατο αμαν τῷ βασιλεῖ εἰς τὴν γάζαν ταλάντων μυρίων ἵνα ἀπολέσῃ τοὺς ἰουδαίους
- 8 Li bay Atach yon kopi lòd wa a yo te pibliye lavil Souz la, ki te mande pou yo te detwi tout jwif yo. Madoche mande l' pou l' pote kopi bibliasyon an bay Estè, pou li esplike l' sitiyasyon an, lèfini pou Estè al bò kot wa a pou pale avè l', pou mande l' gras pou pèp li a.
And he gave him the copy of the order which had been given out in Shushan for their destruction, ordering him to let Esther see it, and to make it clear to her; and to say to her that she was to go in to the king, requesting his mercy, and making prayer for her people.
καὶ τὸ ἀντίγραφον τὸ ἐν σουσοῖς ἐκτεθὲν ὑπὲρ τοῦ ἀπολέσθαι αὐτοὺς ἔδωκεν αὐτῷ δεῖξαι τῇ ἐσθηρ καὶ εἶπεν αὐτῷ ἐντείλασθαι αὐτῇ εἰσελθούσῃ παραιτήσασθαι τὸν βασιλέα καὶ ἀξιῶσαι αὐτὸν περὶ τ οὐ λαοῦ μνησθεῖσα ἡμερῶν ταπεινώσεώς σου ὡς ἐτράφης ἐν χειρὶ μου διότι αμαν ὁ δευτερεύων τῷ βασιλεῖ ἐλάλησεν καθ' ἡμῶν εἰς θάνατον ἐπικάλεσαι τὸν κύριον καὶ ἀλάησον τῷ βασιλεῖ περὶ ἡμῶν καὶ ῥύσαι ἡμᾶς ἐκ θανάτου
- 9 Atach al di Estè tou sa Madoche te di l'.
And Hathach came back and gave Esther an account of what Mordecai had said.
εἰσελθὼν δὲ ὁ ἀχραθαῖος ἐλάλησεν αὐτῇ πάντας τοὺς λόγους τούτους
- 10 Estè menm voye Atach di Madoche konsa: -Pèsonn, li te mèt fanm li te mèt gason, pa gen dwa antre nan lakou anndan palè a pou wè wa a, si se pa wa a ki voye chache l'. Si yon moun fè sa, y'ap touye l'. Se lalwa.
Then Esther sent Hathach to say to Mordecai:
εἶπεν δὲ ἐσθηρ πρὸς ἀχραθαῖον πορεύθητι πρὸς μαρδοχαῖον καὶ εἰπὸν ὅτι
- 11 Tout moun k'ap travay ak wa a ansanm ak tout pèp lòt peyi ki sou lòd li yo konn sa. Sèl jan pou l' pa mouri se si wa a lonje baton an lò a bay moun lan. Mwen menm, gen yon mwa depi wa a pa mande pou mwen.
It is common knowledge among all the king's servants and the people of every part of the kingdom, that if anyone, man or woman, comes to the king in his inner room without being sent for, there is only one law for him, that he is to be put to death; only those to whom the king's rod of gold is stretched out may keep their lives: but I have not been sent for to come before the king these thirty days.
τὰ ἔθνη πάντα τῆς βασιλείας γινώσκει ὅτι πᾶς ἄνθρωπος ἢ γυνὴ ὃς εἰσελεύσεται πρὸς τὸν βασιλέα εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἐσωτέραν ἄκλητος οὐκ ἔστιν αὐτῷ σωτηρία πλὴν ὃ ἔκτεινει ὁ βασιλεὺς τὴν χρυσῆ ν ῥάβδον οὗτος σωθήσεται κἀγὼ οὐ κέκλημαι εἰσελθεῖν πρὸς τὸν βασιλέα εἰσὶν αὐταὶ ἡμέραι τριάκοντα

- 12 Lè Atach bay Madoche mesaj Estè a,
And they said these words to Mordecai.
καὶ ἀπήγγειλεν ἀγραθαῖος μαρδοχαίῳ πάντας τοὺς λόγους εσθηρ
- 13 Madoche voye repons sa a bay Estè: -Pa mete nan tèt ou lè y'ap touye jwif yo w'ap chape paske se lakay wa a ou rete.
Then Mordecai sent this answer back to Esther: Do not have the idea that you in the king's house will be safe from the fate of all the Jews.
καὶ εἶπεν μαρδοχαῖος πρὸς ἀγραθαῖον πορεύθητι καὶ εἰπὸν αὐτῇ εσθηρ μὴ εἴπῃς σεαυτῇ ὅτι σωθήσῃ μόνη ἐν τῇ βασιλείᾳ παρὰ πάντας τοὺς ἰουδαίους
- 14 Si ou konprann pou fèmen bouch ou nan yon ka konsa, Bondye ap toujou delivre pèp jwif la. Y'a sove, men ou menm, w'ap mouri epi fanmi ou ap disparèt. Ou pa janm konnen si se pa pou move pa sa a ou larenn jounen jòdi a.
If at this time you say nothing, then help and salvation will come to the Jews from some other place, but you and your father's family will come to destruction: and who is to say that you have not come to the kingdom even for such a time as this?
ὥς ὅτι ἐὰν παρακούσῃς ἐν τούτῳ τῷ καιρῷ ἄλλοθεν βοήθεια καὶ σκέπη ἔσται τοῖς ἰουδαίοις σὺ δὲ καὶ ὁ οἶκος τοῦ πατρὸς σου ἀπολείσθῃ καὶ τίς οἶδεν εἰ εἰς τὸν καιρὸν τούτον ἐβασίλευσας
- 15 Estè voye reponn Madoche:
Then Esther sent them back to Mordecai with this answer:
καὶ ἐξαπέστειλεν εσθηρ τὸν ἤκοντα πρὸς αὐτὴν πρὸς μαρδοχαῖον λέγουσα
- 16 -Ou mèt ale. Reyini dènye jwif ki nan lavil Souz; fè yo fè jèn pou mwen. N'a pase twa jou twa nwit san manje san bwè. Mwen menm bò pa m' ansanm ak sèvant mwen yo, nou pral fè jèn tou. Apre sa, m' aval kote wa a, atout lalwa defann sa. Si se pou m' mouri, m'a mouri.
Go, get together all the Jews who are present in Shushan, and go without food for me, taking no food or drink night or day for three days: and I and my women will do the same; and so I will go in to the king, which is against the law: and if death is to be my fate, then let it come.
βαδίσας ἐκκλησιάσων τοὺς ἰουδαίους τοὺς ἐν σοῦσοις καὶ νηστεύσατε ἐπ' ἐμοὶ καὶ μὴ φάγητε μηδὲ πίητε ἐπὶ ἡμέρας τρεῖς νύκτα καὶ ἡμέραν κάγω δὲ καὶ αἱ ὄβραι μου ἀσιτήσομεν καὶ τότε εἰσελεύσομαι πρὸς τὸν βασιλέα παρὰ τὸν νόμον ἐὰν καὶ ἀπολέσθαι με ἤ
- 17 Madoche ale, li fè tou sa Estè te di l' fè a.
So Mordecai went away and did everything as Esther had said.
καὶ βαδίσας μαρδοχαῖος ἐποίησεν ὅσα ἐνετείλατο αὐτῷ εσθηρ
- 1 ¶ Sou twazyèm jou a, Estè mete rad larenn li sou li, li ale, li kanpe nan lakou anndan palè a, devan salon wa a. Wa a te chita sou fòtèy li anndan salon an anfas pòt pou antre a.
Now on the third day, Esther put on her queen's robes, and took her place in the inner room of the king's house, facing the king's house: and the king was seated on his high seat in the king's house, facing the doorway of the house.
καὶ ἐγενήθη ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ τρίτῃ ὡς ἐπαύσατο προσευχομένη ἐξεδύσατο τὰ ἱμάτια τῆς θεραπείας καὶ περιεβάλετο τὴν δόξαν αὐτῆς
- 2 Lè wa a wè larenn Estè kanpe deyò a, sa te fè kè l' kontan, li lonje baton an lò ki te nan men l' lan ba li. Estè antre, li manyen pwent baton an.
And when the king saw Esther the queen waiting in the inner room, looking kindly on her he put out the rod of gold in his hand to her. So Esther came near and put her fingers on the top of the rod.
καὶ ἄρας τὴν χρυσὴν ῥάβδον ἐπέθηκεν ἐπὶ τὸν τράχηλον αὐτῆς καὶ ἠσπάσατο αὐτὴν καὶ εἶπεν ἀλλήσόν μοι
- 3 Wa a mande l': -Sa ki genyen, larenn Estè? Sa ou bezwen? Ou te mèt mande m' mwatye nan peyi a, m'ap ba ou li.
Then the king said, What is your desire, Queen Esther, and what is your request? I will give it to you, even to the half of my kingdom.
καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς τί θέλεις εσθηρ καὶ τί σοῦ ἔστιν τὸ ἀξίωμα ἕως τοῦ ἡμίσιος τῆς βασιλείας μου καὶ ἔσται σοι
- 4 Estè reponn li: -Si sa fè wa a plezi, mwen ta renmen wa a vini ansanm ak Aman nan yon ti fèt m'ap fè pou li lakay mwen aswè a.
And Esther in answer said, If it seems good to the king, let the king and Haman come today to the feast which I have made ready for him.
εἶπεν δὲ εσθηρ ἡμέρα μου ἐπίσημος σήμερόν ἐστιν εἰ οὐν δοκεῖ τῷ βασιλεῖ ἐλθάτω καὶ αὐτὸς καὶ αμαν εἰς τὴν δοχὴν ἣν ποιήσω σήμερον
- 5 Lamenm wa a di: -Kouri vit al chache Aman pou n' al kay Estè ki envite nou. Se konsa, wa a ale nan ti fèt Estè te fè pou li a ansanm ak Aman.
Then the king said, Let Haman come quickly, so that what Esther has said may be done. So the king and Haman came to the feast which Esther had made ready.
καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς κατασπεύσατε αμαν ὅπως ποιήσωμεν τὸν λόγον εσθηρ καὶ παραγίνονται ἀμφοτέροι εἰς τὴν δοχὴν ἣν εἶπεν εσθηρ
- 6 Pandan yo t'ap bwè diven, wa a mande Estè konsa: -Di m' sa ou vle, m'ap ba ou li. Ou te mèt mande m' mwatye nan peyi a, m'ap ba ou li.
And while they were drinking wine the king said to Esther, What is your prayer? for it will be given to you and what is your request? for it will be done, even to the half of my kingdom.
ἐν δὲ τῷ πότῳ εἶπεν ὁ βασιλεὺς πρὸς εσθηρ τί ἔστιν βασιλίσσα εσθηρ καὶ ἔσται σοι ὅσα ἀξιοῖς

- 7 Estè reponn, li di konsa: -Sa m' bezwen...? Sa m' ta mande ou...?
Then Esther said in answer, My prayer and my request is this:
καὶ εἶπεν τὸ αἴτημά μου καὶ τὸ ἀξιωμα μου
- 8 Si wa a kontan avè m', si se plezi li pou li ban m' sa m' vle a, pou li fè sa m'a mande l' fè a. mwen ta renmen wa a ansanm ak Aman vini denmen lakay mwen pou yon lòt ti fèt m'ap fè pou li ansanm ak Aman. Lè sa a, m'a di monwa sa m' bezwen.
If I have the king's approval, and if it is the king's pleasure to give me my prayer and do my request, let the king and Haman come to the feast which I will make ready for them, and tomorrow I will do as the king has said.
εἰ εὖρον χάριν ἐνώπιον τοῦ βασιλέως ἐλθάτω ὁ βασιλεὺς καὶ αμαν ἐπὶ τὴν αὖριον εἰς τὴν δοχὴν ἣν ποιήσω αὐτοῖς καὶ αὖριον ποιήσω τὰ αὐτά
- 9 ¶ Jou sa a, lè Aman soti nan fèt la, li te kontan, li t'ap ri ak tout moun. Men, lè li rive bò pòtay palè a, li wè Madoche pa menm fè yon rimay leve lè l'ap pase. Li move anpil sou Madoche, Then on that day Haman went out full of joy and glad in heart; but when he saw Mordecai in the king's doorway, and he did not get to his feet or give any sign of fear before him, Haman was full of wrath against Mordecai.
καὶ ἐξῆλθεν ὁ αμαν ἀπὸ τοῦ βασιλέως ὑπερχαρῆς εὐφραϊνόμενος ἐν δὲ τῷ ἰδεῖν αμαν μαρδοχαῖον τὸν ἰουδαῖον ἐν τῇ αὐλῇ ἐθυμώθη σφόδρα
- 10 men li pa kite moun wè sa, epi li al lakay li. Lèfini, li fè chache zanmi l' yo, epi li mande madanm li Zerès pou li vini tou.
But controlling himself, he went to his house; and he sent for his friends and Zeresh, his wife.
καὶ εἰσελθὼν εἰς τὰ ἴδια ἐκάλεσεν τοὺς φίλους καὶ ζωσαραν τὴν γυναῖκα αὐτοῦ
- 11 Aman konmanse pale devan yo, li di yo jan li rich, jan li gen lajan, konbe pitit gason li genyen, jan wa a te moute l' grad, li te mete l' chèf anwo tout lòt chèf ak tout lòt moun k'ap sèvi nan gouvènman an.
And he gave them an account of the glories of his wealth, and the number of children he had, and the ways in which he had been honoured by the king, and how he had put him over the captains and servants of the king.
καὶ ὑπέδειξεν αὐτοῖς τὸν πλοῦτον αὐτοῦ καὶ τὴν δόξαν ἣν ὁ βασιλεὺς αὐτῷ περιέθηκεν καὶ ὡς ἐποίησεν αὐτὸν πρωτεύειν καὶ ἡγεῖσθαι τῆς βασιλείας
- 12 Lèfini, li di: -Sa ki pi rèd, larenn Estè fè fèt pou wa a, kilès ou kwè li envite? Mwen menm ase, pèsonn ankò! Men li envite m' pou denmen ankò!
And Haman said further, Truly, Esther the queen let no man but myself come in to the feast which she had made ready for the king; and tomorrow again I am to be her guest with the king.
καὶ εἶπεν αμαν οὐ κέκληκεν ἡ βασίλισσα μετὰ τοῦ βασιλέως οὐδένα εἰς τὴν δοχὴν ἀλλ' ἢ ἐμέ καὶ εἰς τὴν αὖριον κέκλημαι
- 13 Men, tou sa pa di m' anyen, toutotan m'a wè jwif yo rele Madoche a chita nan papòt palè wa a.
But all this is nothing to me while I see Mordecai the Jew seated by the king's doorway.
καὶ ταῦτά μοι οὐκ ἀρέσκει ὅταν ἴδω μαρδοχαῖον τὸν ἰουδαῖον ἐν τῇ αὐλῇ
- 14 Lè sa a, Zerès, madanm li, ak tout zanmi l' yo di l' konsa: -Poukisa ou pa fè yo kanpe yon poto swasannkenz pye wotè nan lakou lakay ou? Denmen maten, w'a mande wa a pou yo pann Madoche nan poto a. Apre sa, wa va ale nan fèt la ak kè kontan. Aman wè se te yon bon lide yo te ba li la a. Li fè kanpe yon poto swasannkenz pye wotè nan lakou lakay li.
Then his wife Zeresh and all his friends said to him, Let a pillar, fifty cubits high, be made ready for hanging him, and in the morning get the king to give orders for the hanging of Mordecai: then you will be able to go to the feast with the king with a glad heart. And Haman was pleased with the suggestion, and he had the pillar made.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτὸν ζωσαρα ἡ γυνὴ αὐτοῦ καὶ οἱ φίλοι κοπήτω σοι ξύλον πηχῶν πεντήκοντα ὄρθρου δὲ εἰπὼν τῷ βασιλεῖ καὶ κρεμασθήτω μαρδοχαῖος ἐπὶ τοῦ ξύλου σὺ δὲ εἰσελθε εἰς τὴν δοχὴν σὺν τῷ βασιλεῖ καὶ εὐφραίνου καὶ ἤρσεν τὸ ῥῆμα τῷ αμαν καὶ ἠτοιμάσθη τὸ ξύλον
- 1 ¶ Menm jou lannwit sa a, wa a pa t' ka dòmi. Li fè yo pote achiv gouvènman kote yo te ekri tou sa ki te pase nan peyi a nan tan lontan. Li fè yo li ladan l' pou li.
That night the king was unable to get any sleep; and he sent for the books of the records; and while some one was reading them to the king,
ὁ δὲ κύριος ἀπέστησεν τὸν ὕπνον ἀπὸ τοῦ βασιλέως τὴν νύκτα ἐκείνην καὶ εἶπεν τῷ διδασκάλῳ αὐτοῦ εἰσφέρειν γράμματα μνημόσυνα τῶν ἡμερῶν ἀναγινώσκειν αὐτῷ
- 2 Nan sa yo li a, te gen yon pòsyon kote yo te rakonte ki jan Madoche te dekouvri konplo de nan domestik konfyans wa a, Bigtan ak Tèrèch, ki t'ap fè pòs devan chanm wa a, te moute pou yo ansasinen wa a.
It came out that it was recorded in the book how Mordecai had given word of the designs of Bigthana and Teresh, two of the king's servants, keepers of the door, by whom an attack on the king had been designed.
εὗρεν δὲ τὰ γράμματα τὰ γραφέντα περὶ μαρδοχαίου ὡς ἀπήγγειλεν τῷ βασιλεῖ περὶ τῶν δύο εὐνούχων τοῦ βασιλέως ἐν τῷ φυλάσσειν αὐτούς καὶ ζητήσαι ἐπιβαλεῖν τὰς χεῖρας ἀρταξέρξη
- 3 Wa a mande: -Kisa yo te fè pou Madoche lè sa a? Kisa yo te ba li pou sa? Mesye ki te la ap sèvi wa a reponn: -Yo pa t' fè anyen pou li non.
And the king said, What honour and reward have been given to Mordecai for this? Then the servants who were waiting on the king said, Nothing has been done for him.
εἶπεν δὲ ὁ βασιλεὺς τίνα δόξαν ἢ χάριν ἐποιήσαμεν τῷ μαρδοχαίῳ καὶ εἶπαν οἱ διάκονοι τοῦ βασιλέως οὐκ ἐποίησας αὐτῷ οὐδέν

- 4 ¶ Wa a mande: -Kilès nan chèf yo ki nan lakou palè a? Lè sa a, Aman te fèk antre nan lakou palè a. Li te vin mande wa a pou l' te fè pann Madoche nan potò li te pare a.
Then the king said, Who is in the outer room? Now Haman had come into the outer room to get the king's authority for the hanging of Mordecai on the pillar which he had made ready for him.
ἐν δὲ τῷ πυνθάνεσθαι τὸν βασιλέα περὶ τῆς εὐνοίας μαρδοχαίου ἰδοὺ αμῶν ἐν τῇ αὐλῇ εἶπεν δὲ ὁ βασιλεὺς τίς ἐν τῇ αὐλῇ ὁ δὲ αμῶν εἰσηλθὼν εἰπεῖν τῷ βασιλεῖ κρεμάσαι τὸν μαρδοχαῖον ἐπὶ τῷ ξύλῳ ᾧ ἠτοίμασεν
- 5 Mesye yo reponn: -Aman la a wi! L'ap espere ou nan lakou a. Wa a di: -Fè l' antre!
And the king's servants said to him, See, Haman is waiting in the outer room. And the king said, Let him come in.
καὶ εἶπαν οἱ διάκονοι τοῦ βασιλέως ἰδοὺ αμῶν ἔστηκεν ἐν τῇ αὐλῇ καὶ εἶπεν ὁ βασιλεὺς καλέσατε αὐτόν
- 6 Lè Aman antre, wa a di l' konsa: -Ki pi bèl bagay m' ta fè pou yon moun mwen ta renmen remèsye pou sèvis li rann mwen. Aman di nan kè l': Pa gen lòt moun wa a ta renmen remèsye pase mwen menm!
So Haman came in. And the king said to him, What is to be done to the man whom the king has delight in honouring? Then the thought came into Haman's mind, Whom, more than myself, would the king have pleasure in honouring?
εἶπεν δὲ ὁ βασιλεὺς τῷ αμῶν τί ποιήσω τῷ ἀνθρώπῳ ὃν ἐγὼ θέλω δοξάσαι εἶπεν δὲ ἐν ἑαυτῷ αμῶν τίνα θέλει ὁ βασιλεὺς δοξάσαι εἰ μὴ ἐμέ
- 7 Epi li di wa a: -Yon moun ou ta renmen remèsye pou sèvis li rann ou!
And Haman, answering the king, said, For the man whom the king has delight in honouring,
εἶπεν δὲ πρὸς τὸν βασιλέα ἄνθρωπον ὃν ὁ βασιλεὺς θέλει δοξάσαι
- 8 Enben! Fè yo pran yonn nan bèl rad ou konn mete sou ou yo pote l' bay moun sa a. Pran chwal ou konn moute a ak tout kouwòn lan sou tèt li.
Let them take the robes which the king generally puts on, and the horse on which the king goes, and the crown which is on his head:
ἐνεγκάτωσαν οἱ παῖδες τοῦ βασιλέως στολὴν βυσσίνην ἣν ὁ βασιλεὺς περιβάλλεται καὶ ἵππον ἐφ' ὃν ὁ βασιλεὺς ἐπιβαίνει
- 9 Chwazi yonn nan pi gwo chèf ou yo, fè l' al abiye moun sa a ak rad wa a. Lèfini, l'a fè l' moute sou chwal la. Epi, l'a pwonmennen l' nan tout lavil la sou plas piblik la. Pandan y'ap mache konsa, chèf la va di byen fò: Men ki jan wa a remèsye moun pou sèvis yo rann li.
And let the robes and the horse be given to one of the king's most noble captains, so that they may put them on the man whom the king has delight in honouring, and let him go on horseback through the streets of the town, with men crying out before him, So let it be done to the man whom the king has delight in honouring.
καὶ δότω ἐνὶ τῶν φίλων τοῦ βασιλέως τὸν ἐνδόξον καὶ στολισάτω τὸν ἄνθρωπον ὃν ὁ βασιλεὺς ἀγαπᾷ καὶ ἀναβιβασάτω αὐτὸν ἐπὶ τὸν ἵππον καὶ κηρυσσέτω διὰ τῆς πλατείας τῆς πόλεως λέγων οὕτως ἔσται παντὶ ἀνθρώπῳ ὃν ὁ βασιλεὺς δοξάζει
- 10 Lè sa a, wa a di Aman: -Kouri al chache rad la ak chwal la. Epi w'a fè tou sa ou di la a pou Madoche, nonm jwif la. w'a jwenn li chita bò pòtay palè a. Pa bliye anyen nan sa ou te di fè a.
Then the king said to Haman, Go quickly, and take the robes and the horse, as you have said, and do even so to Mordecai the Jew, who is seated at the king's doorway: see that you do everything as you have said.
εἶπεν δὲ ὁ βασιλεὺς τῷ αμῶν καθὼς ἐλάλησας οὕτως ποιήσον τῷ μαρδοχαίῳ τῷ ἰουδαίῳ τῷ θεραπεύοντι ἐν τῇ αὐλῇ καὶ μὴ παραπεσάτω σου λόγος ὃν ἐλάλησας
- 11 Aman pran rad la ak chwal la, li mete rad la sou Madoche. Li fè Madoche moute sou chwal la. Epi, Aman pwonmennen l' sou plas piblik la. Pandan y'ap mache konsa, li t'ap di byen fò pou tout moun tande: Men ki jan wa a remèsye moun pou sèvis yo rann li.
Then Haman took the robes and the horse, and dressing Mordecai in the robes, he made him go on horseback through the streets of the town, crying out before him, So let it be done to the man whom the king has delight in honouring.
ἔλαβεν δὲ αμῶν τὴν στολὴν καὶ τὸν ἵππον καὶ ἐστόλισεν τὸν μαρδοχαῖον καὶ ἀνεβίβασεν αὐτὸν ἐπὶ τὸν ἵππον καὶ διήλθεν διὰ τῆς πλατείας τῆς πόλεως καὶ ἐκήρυσσεν λέγων οὕτως ἔσται παντὶ ἀνθρώπῳ ὃν ὁ βασιλεὺς θέλει δοξάσαι
- 12 ¶ Apre sa, Madoche tounen tounen l' bò pòtay palè wa a. Aman menm kouri al lakay li, li bouche figi l' sitèlman li te wont.
And Mordecai came back to the king's doorway. But Haman went quickly back to his house, sad and with his head covered.
ἐπέστρεψεν δὲ ὁ μαρδοχαῖος εἰς τὴν αὐλὴν αμῶν δὲ ὑπέστρεψεν εἰς τὰ ἴδια λυπούμενος κατὰ κεφαλῆς
- 13 Li rakonte madanm li ak tout zanmi l' yo tou sa ki te rive l'. Lèfini, Zerès, madanm li, ak zanmi l' yo ki te gen bon konprann di l' konsa: -Si Madoche se yon jwif vre, koulye a ou p'ap ka fè l' anyen. Ou konmanse pèdi pye devan l'. Ou mèt sèten se li k'ap kraze ou.
And Haman gave his wife Zeresh and all his friends an account of what had taken place. Then his wise men and his wife Zeresh said to him, If Mordecai, who is starting to get the better of you, is of the seed of the Jews, you will not be able to do anything against him, but you will certainly go down before him.
καὶ διηγῆσατο αμῶν τὰ συμβεβηκότα αὐτῷ ζωσαρα τῇ γυναικὶ αὐτοῦ καὶ τοῖς φίλοις καὶ εἶπαν πρὸς αὐτὸν οἱ φίλοι καὶ ἡ γυνὴ εἰ ἐκ γένους ἰουδαίων μαρδοχαῖος ἦρξαι ταπεινοῦσθαι ἐνώπιον αὐτοῦ περὶ οὗ μὴ δύνη αὐτὸν ἀμύνασθαι ὅτι θεὸς ζῶν μετ' αὐτοῦ
- 14 Zanmi l' yo t'ap pale toujou, lè domestik konfyans wa yo rive vin chache Aman pou l' ale touswit nan fèt Estè te pare a.
While they were still talking, the king's servants came to take Haman to the feast which Esther had made ready.
ἔτι αὐτῶν λαλούντων παραγίνονται οἱ εὐνοῦχοι ἐπιπεύδοντες τὸν αμῶν ἐπὶ τὸν πότον ὃν ἠτοίμασεν ἐσθῆρ

- 1 ¶ Wa a te al nan fèt larenn Estè a ankò ansanm ak Aman.
So the king and Haman came to take wine with Esther the queen.
εἰσῆλθεν δὲ ὁ βασιλεὺς καὶ ἄμαν συμπιεῖν τῇ βασιλίῳ
- 2 Pandan yo t'ap bwè diven, wa a mande Estè, tankou premye jou a: -Di m' sa ou vle, m'ap ba ou li. Ou te mèt mande m' mwaye nan peyi a, m'ap ba ou li!
And the king said to Esther again on the second day, while they were drinking, What is your prayer, Queen Esther? for it will be given to you; and what is your request? for it will be done, even to the half of my kingdom.
εἶπεν δὲ ὁ βασιλεὺς εσθηρ τῇ δευτέρᾳ ἡμέρᾳ ἐν τῷ πότῳ τί ἐστὶν εσθηρ βασίλισσα καὶ τί τὸ αἰτήμά σου καὶ τί τὸ ἀξίωμα σου καὶ ἔστω σοὶ ἕως τοῦ ἡμίσου τῆς βασιλείας μου
- 3 Estè reponn li: -Si wa a kontan avè m', si se plezi li pou li ban mwen sa m' vle a, tanpri, sove lavi m' ansanm ak lavi pèp mwen an. Se sa ase mwen mande ou.
Then Esther the queen, answering, said, If I have your approval, O king, and if it is the king's pleasure, let my life be given to me in answer to my prayer, and my people at my request:
καὶ ἀποκριθεῖσα εἶπεν εἰ εὔρον χάριν ἐνώπιον τοῦ βασιλέως δοθήτω ἡ ψυχὴ μου τῷ αἰτήματί μου καὶ ὁ λαός μου τῷ ἀξιώματί μου
- 4 Paske yo vann nou, mwen menm ansanm ak tout pèp mwen an, pou yo ka masakre nou, touye nou, disparèt nou nèt. Si se vann yo te vann nou pou fè nou tounen esklav, mwen pa ta di anyen, mwen pa ta deranje ou pou sa ase. Men, moun ki pa vle wè nou an p'ap janm ka ranplase pèt l'ap fè ou fè a.
For we are given up, I and my people, to destruction and death and to be cut off. If we had been taken as men-servants and women-servants for a price, I would have said nothing, for our trouble is little in comparison with the king's loss.
ἐπράθημεν γὰρ ἐγὼ τε καὶ ὁ λαός μου εἰς ἀπώλειαν καὶ διαρπαγὴν καὶ δουλείαν ἡμεῖς καὶ τὰ τέκνα ἡμῶν εἰς παῖδας καὶ παιδίσκας καὶ παρήκουσα οὐ γὰρ ἄξιος ὁ διάβολος τῆς αὐλῆς τοῦ βασιλέως
- 5 Wa Asyeris mande larenn Estè: -Ki moun ki penmèt li gen lide fè bagay konsa? Kote moun lan?
Then King Ahasuerus said to Esther the queen, Who is he and where is he who has had this evil thought in his heart?
εἶπεν δὲ ὁ βασιλεὺς τίς οὗτος ὅστις ἐτόλμησεν ποιῆσαι τὸ πρᾶγμα τοῦτο
- 6 Estè reponn li: -Moun ki pa vle wè nou an, moun k'ap pèskite nou an, se Aman, mechan sa a! Aman dekare, li pran tranble devan wa a ak larenn lan.
And Esther said, Our hater and attacker is this evil Haman. Then Haman was full of fear before the king and the queen.
εἶπεν δὲ εσθηρ ἄνθρωπος ἐχθρὸς ἄμαν ὁ πονηρὸς οὗτος ἄμαν δὲ ἐταράχθη ἀπὸ τοῦ βασιλέως καὶ τῆς βασιλίσης
- 7 ¶ Wa a leve bò tab la byen move, li soti deyò al nan jaden palè a. Aman te konnen wa a tapral pini l' pou sa l' fè a. Li rete pou l' mande larenn lan fè pa l'.
And the king in his wrath got up from the feast and went into the garden: and Haman got to his feet to make a prayer for his life to Esther the queen: for he saw that the king's purpose was evil against him.
ὁ δὲ βασιλεὺς ἐξάνεστη ἐκ τοῦ συμποσίου εἰς τὸν κήπον ὁ δὲ ἄμαν παρητεῖτο τὴν βασίλισσαν ἐώρα γὰρ ἑαυτὸν ἐν κακοῖς ὄντα
- 8 Aman te fèk panche kò l' sou divan Estè a pou mande l' padon lè wa a tounen antre soti nan jaden an. Lè wa a wè sa, li di: -Koulye a, apa nonm lan soti pou li fè kadejak sou larenn Estè, l'a devan je m', nan mitan lakay mwen an! Wa a poko fin pale, nèg konfyans yo gen tan kouvri tèt Aman.
- 2 -Jòb, si m' pale avè ou, ou p'ap fache, vye frè? Mwen pa ka pa pale.
If one says a word, will it be a weariness to you? but who is able to keep from saying what is in his mind?
μὴ πολλάκις σοι λελάληται ἐν κόπῳ ἰσχῦν δὲ ῥημάτων σου τίς ὑποίσει
- 3 Yon lè, se ou ki te konn moutre moun anpil bagay, se ou ki te konn bay moun fòs lè yo fèb.
Truly, you have been a helper to others, and you have made feeble hands strong;
εἰ γὰρ σὺ ἐνουθέτησας πολλοὺς καὶ χεῖρας ἀσθενοῦς παρεκάλεσας
- 4 Pawòl nan bouch ou te yon ankourajman pou moun ki te dekouraje. Ou te ede yo kanpe sou de pye yo ankò.
He who was near to falling has been lifted up by your words, and you have given strength to bent knees.
ἀσθενοῦντάς τε ἐξανέστησας ῥήμασιν γόνασιν τε ἀδυνατοῦσιν θάρσος περιέθηκας
- 5 Koulye a, paske se tou pa ou, ou pèdi tèt ou. Malè tonbe sou ou, w'ap depale.
But now it has come on you and it is a weariness to you; you are touched by it and your mind is troubled.
νῦν δὲ ἦκει ἐπὶ σὲ πόνος καὶ ἡψατό σου σὺ δὲ ἐσπούδασας
- 6 W'ap sèvi Bondye, ou fèt pou genyen l' konfyans. Ou mennen bak ou byen, ou pa fèt pou dekouraje.
Is not your fear of God your support, and your upright way of life your hope?
πότερον οὐχ ὁ φόβος σοῦ ἐστιν ἐν ἀφροσύνῃ καὶ ἡ ἐλπίς σου καὶ ἡ ἀκακία τῆς ὁδοῦ σου
- 7 ¶ Repase tèt ou byen. Ou janm konnen yon inonsan ki mouri mal? Ou janm wè yo touye yon moun ki mache dwat?
Have you ever seen destruction come to an upright man? or when were the god-fearing ever cut off?
μνήσθητι οὖν τίς καθαρὸς ὦν ἀπόλετο ἢ πότε ἀληθινοὶ ὀλόρριζοι ἀπόλοντο
- 8 M'ap di sa m' wè ak je m': Moun ki kouve mechanste nan kè yo epi k'ap mache bay moun lapenn, se mechanste ak lapenn yo rekòlte.
What I have seen is that those by whom trouble has been ploughed, and evil planted, get the same for themselves.
καθ' ὃν τρόπον εἶδον τοὺς ἀροτριῶντας τὰ ἄτοπα οἱ δὲ σπείροντες αὐτὰ ὀδύνας θεριοῦσιν ἑαυτοῖς

- 9 Lè Bondye fache, li soufle sou yo, yo mouri. Lè van tanpèt Bondye a leve, yo disparèt.
By the breath of God destruction takes them, and by the wind of his wrath they are cut off.
ἀπὸ προστάγματος κυρίου ἀπολοῦνται ἀπὸ δὲ πνεύματος ὀργῆς αὐτοῦ ἀφανισθήσονται
- 10 Mechan yo rele kou lyon, yo gwonde kou bèt sovaj. Men, Bondye fèmen bouch yo, li kase dan nan bouch yo.
Though the noise of the lion and the sounding of his voice, may be loud, the teeth of the young lions are broken.
σθένος λέοντος φωνὴ δὲ λεαίνης γαυρίαμα δὲ δρακόντων ἐσβέσθη
- 11 Yo mouri tankou lyon ki pa jwenn bèt pou yo manje. Tout pitit yo gaye nan bwa.
The old lion comes to his end for need of food, and the young of the she-lion go wandering in all directions.
μυρμηκολέων ὄλετο παρὰ τὸ μὴ ἔχειν βορὰν σκύμνοι δὲ λεόντων ἔλιπον ἀλλήλους
- 12 ¶ Yon lè, mwen tande Bondye t'ap pale tou dousman nan zòrèy mwen. Mwen pa t' fin tande nèt sa li t'ap di.
A word was given to me secretly, and the low sound of it came to my ears.
εἰ δέ τι ῥῆμα ἀληθινὸν ἐγεγόνει ἐν λόγοις σου οὐθὲν ἄν σοι τοῦτων κακὸν ἀπήντησεν πότερον οὐ δέξεταί μου τὸ οὖς ἐξαΐσια παρ' αὐτοῦ
- 13 Tankou yon move rèv nan mitan lannwit, li mete yon bann vye lide nan tèt mwen. M' pa ka dòmi tèlman mwen pè.
In troubled thoughts from visions of the night, when deep sleep comes on men,
φόβοι δὲ καὶ ἠγὼ νυκτερινὴ ἐπιπίπτων φόβος ἐπ' ἀνθρώπους
- 14 Mwen pran tranble, mwen santi yon frison mache nan tout kò m'. Tout zo nan kò m' ap krake.
Fear came on me and shaking, and my bones were full of trouble;
φρίκη δέ μοι συνήντησεν καὶ τρόμος καὶ μέγας μου τὰ ὀστέ συνέσεισεν
- 15 Yon souf pase bò figi m', tout cheve nan tèt mwen kanpe.
And a breath was moving over my face; the hair of my flesh became stiff:
καὶ πνεῦμα ἐπὶ πρόσωπόν μου ἐπῆλθεν ἔφριζαν δέ μου τρίχες καὶ σάρκες
- 16 Mwen rete konsa mwen wè yon moun kanpe devan m'. Mwen pa t' rekonèt ki moun li ye. Men, fòm moun lan te la devan je m'. Mwen pa tande yon ti bri menm. Apre sa, mwen tande yon vwa ki t'ap pale tou dousman, li t'ap di:
Something was present before me, but I was not able to see it clearly; there was a form before my eyes: a quiet voice came to my ears, saying:
ἀνέστην καὶ οὐκ ἐπέγνων εἶδον καὶ οὐκ ἦν μορφή πρὸ ὀφθαλμῶν μου ἀλλ' ἦ αὖραν καὶ φωνὴν ἤκουον
- 17 Ki moun ki ka di li mache dwat devan Bondye? Ki moun ki san repwòch devan Bondye ki kreye l' la?
May a man be upright before God? or a man be clean before his Maker?
τί γάρ μὴ καθαρὸς ἔσται βροτὸς ἐναντίον κυρίου ἢ ἀπὸ τῶν ἔργων αὐτοῦ ἄμειπτος ἀνὴρ
- 18 Bondye pa janm fin fye sèvitè l' yo nèt. Ata zanj li yo, li jwenn bagay pou l' repwoche yo.
Truly, he puts no faith in his servants, and he sees error in his angels;
εἰ κατὰ παίδων αὐτοῦ οὐ πιστεύει κατὰ δὲ ἀγγέλων αὐτοῦ σκολιόν τι ἐπενόησεν
- 19 Ale wè atò pou moun ki fèt ak labou, pou moun ki soti nan pousyè tè, pou moun yo kapab kraze tankou poubwa!
How much more those living in houses of earth, whose bases are in the dust! They are crushed more quickly than an insect;
τοὺς δὲ κατοικοῦντας οἰκίας πηλίνας ἐξ ὧν καὶ αὐτοὶ ἐκ τοῦ αὐτοῦ πηλοῦ ἐσμεν ἔπαισεν αὐτοὺς σιγῆς τρόποι
- 20 Yon sèl jou kont pou yo tounen pousyè, yo disparèt nèt. Pesonn pa wè sa.
Between morning and evening they are completely broken; they come to an end for ever, and no one takes note.
καὶ ἀπὸ πρωΐθεν ἕως ἑσπέρας οὐκέτι εἰσὶν παρὰ τὸ μὴ δύνασθαι αὐτοὺς ἑαυτοῖς βοηθῆσαι ἀπόλωντο
- 21 Yo rete konsa yo kase kòd. Yo mouri san yo pa janm rive fin gen bon konprann.
If their tent-cord is pulled up, do they not come to an end, and without wisdom?
ἐνεφύσησεν γὰρ αὐτοῖς καὶ ἐξηράνθησαν ἀπόλωντο παρὰ τὸ μὴ ἔχειν αὐτοὺς σοφίαν
- 1 ¶ Rele non, Jòb! W'a wè si gen moun k'ap reponn ou! Ak kilès nan zanj Bondye yo ou ta vle pale?
Give now a cry for help; is there anyone who will give you an answer? and to which of the holy ones will you make your prayer?
ἐπικάλεσαι δέ εἰ τίς σοι ὑπακούσεται ἢ εἰ τίνα ἀγγέλων ἁγίων ὄψῃ

- 2 Se moun fou ki kite chagren ap minen yo. Se moun sòt ki kite move san touye yo.
For wrath is the cause of death to the foolish, and he who has no wisdom comes to his end through passion.
καὶ γὰρ ἄφρονα ἀναιρεῖ ὀργή πεπλανημένον δὲ θανατοῖ ζήλος
- 3 Mwen menm, mwen wè moun fou ki te kwè zafè yo bon. M' rete konsa, mwen wè madichon tonbe sou kay yo.
I have seen the foolish taking root, but suddenly the curse came on his house.
ἐγὼ δὲ εὐώρακα ἄφρονος ῥίζαν βάλλοντας ἀλλ' εὐθέως ἐβρόθη αὐτῶν ἡ διαίτα
- 4 Pitit yo pa ka jwenn yon moun pou pwoteje yo. Pa gen pesonn pou pran defans yo nan tribinal.
Now his children have no safe place, and they are crushed before the judges, for no one takes up their cause.
πόρρω γένοιτο οἱ υἱοὶ αὐτῶν ἀπὸ σωτηρίας κολαβρισθεῖσαν δὲ ἐπὶ θύραις ἡσσόνων καὶ οὐκ ἔσται ὁ ἐξαιρούμενος
- 5 Se moun grangou ki pral manje rekòt jaden yo. Yo pral pran ata sa ki donner nan raje pikan. Se moun akchè ki pral mete men sou tout byen yo.
Their produce is taken by him who has no food, and their grain goes to the poor, and he who is in need of water gets it from their spring.
ἂ γὰρ ἐκεῖνοι συνήγαγον δίκαιοι ἔδονται αὐτοὶ δὲ ἐκ κακῶν οὐκ ἐξαίρετοι ἔσονται ἐκσιφωμισθεῖ αὐτῶν ἡ ἰσχὺς
- 6 ¶ Non. Laflikasyon pa tonbe sou moun konsa konsa. Ni moun pa rete konsa pou l' tonbe anba soufrans.
For evil does not come out of the dust, or trouble out of the earth;
οὐ γὰρ μὴ ἐξέλθῃ ἐκ τῆς γῆς κόπος οὐδὲ ἐξ ὀρέων ἀναβλαστήσει πόνος
- 7 Menm jan tensèl dife fèt pou vole, konsa tou, moun fèt pou soufri.
But trouble is man's fate from birth, as the flames go up from the fire.
ἀλλὰ ἄνθρωπος γεννᾶται κόπῳ νεοσσοὶ δὲ γυπὸς τὰ ὑψηλὰ πέτονται
- 8 Si m' te nan plas ou, Job, se Bondye m' ta rele. Mwen ta mete sitiasyon an devan l'.
But as for me, I would make my prayer to God, and I would put my cause before him:
οὐ μὴν δὲ ἀλλὰ ἐγὼ δεηθήσομαι κυρίου κύριον δὲ τὸν πάντων δεσπότην ἐπικαλέσομαι
- 9 Se li menm ki fè yon bann bèl bagay nou pa ka fin konprann, yon dal mènèy nou pa ka fin konte.
Who does great things outside our knowledge, wonders without number:
τὸν ποιοῦντα μεγάλα καὶ ἀνεξιχνίαστα ἔνδοξά τε καὶ ἐξαισία ὧν οὐκ ἔστιν ἀριθμὸς
- 10 Li voye lapli sou latè, li wouze tout jaden.
Who gives rain on the earth, and sends water on the fields:
τὸν διδόντα ὑετὸν ἐπὶ τὴν γῆν ἀποστέλλοντα ὕδωρ ἐπὶ τὴν ὑπ' οὐρανόν
- 11 Moun ki t'ap mache tèt bese yo, se li menm ki fè yo leve tèt yo. Se li menm ki konsole moun ki te nan lapenn yo.
Lifting up those who are low, and putting the sad in a safe place;
τὸν ποιοῦντα ταπεινοὺς εἰς ὕψος καὶ ἀπολωλότας ἐξεγείροντα
- 12 Li gate mannigèt bakoulou yo. Li pa janm kite yo rive fè sa yo te mete nan tèt yo.
Who makes the designs of the wise go wrong, so that they are unable to give effect to their purposes.
διαλλάσσοντα βουλὰς πανούργων καὶ οὐ μὴ ποιήσουσιν αἱ χεῖρες αὐτῶν ἀληθές
- 13 Li pran moun entelijan yo nan pèlen yo te tann. Li pa kite mètdam yo reyalize plan yo te fè.
He takes the wise in their secret designs, and the purposes of the twisted are cut off suddenly.
ὁ καταλαμβάνων σοφοὺς ἐν τῇ φρονήσει βουλὴν δὲ πολυπλόκων ἐξέστησεν
- 14 Gwo lajounen y'ap bite tankou nan fènwa. Gwo midi, y'ap tatonnen tankou nan mitan lannwit.
In the daytime it becomes dark for them, and in the sunlight they go feeling about as if it was night.
ἡμέρας συναντήσεται αὐτοῖς σκότος τὸ δὲ μεσημβρινὸν ψηλαφήσασαν ἴσα νυκτὶ
- 15 Men, Bondye sove pòn la anba dan yo. Li delivre malere anba ponyèt grannèg k'ap peze yo.
But he keeps safe from their sword those who have no father, and the poor from the power of the strong.
ἀπόλοιτο δὲ ἐν πολέμῳ ἀδύνατος δὲ ἐξέλθῃ ἐκ χειρὸς δυνάστου

- 16 Li bay pòn yo espwa. Li fèmen bouch mechain yo.
So the poor man has hope, and the mouth of the evil-doer is stopped.
εἷη δὲ ἀδυνάτω ἐλπὶς ἀδίκου δὲ στόμα ἐμφοραχθείη
- 17 ¶ Ala bon sa bon pou yon moun lè Bondye ap korije l'! Lè Bondye ki gen tout pouvwa a ap pini ou, pa pran sa an jwèt!
Truly, that man is happy who has training from the hand of God: so do not let your heart be shut to the teaching of the Ruler of all.
μακάριος δὲ ἄνθρωπος ὃν ἤλεγξεν ὁ κύριος νοθεύματα δὲ παντοκράτορος μὴ ἀπαναίνου
- 18 Lè li blese ou, se li menm ankò k'ap mete renmèd pou ou. Lè li frape ou, se li menm ankò k'ap geri ou.
For after his punishment he gives comfort, and after wounding, his hands make you well.
αὐτὸς γὰρ ἀλγεῖν ποιεῖ καὶ πάλιν ἀποκαθίστησιν ἔπαισεν καὶ αἱ χεῖρες αὐτοῦ ἰάσαντο
- 19 Lapo delivre ou nan tout move pa. Ankenn malè p'ap tonbe sou ou.
He will keep you safe from six troubles, and in seven no evil will come near you.
ἐξἅκεις ἐξ ἀναγκῶν σε ἐξελεῖται ἐν δὲ τῷ ἑβδόμῳ οὐ μὴ ἄψηται σου κακόν
- 20 Nan grangou, li p'ap kite ou mourì. Nan lagè, li p'ap kite yo touye ou.
When there is need of food he will keep you from death, and in war from the power of the sword.
ἐν λιμῷ ῥύσεται σε ἐκ θανάτου ἐν πολέμῳ δὲ ἐκ χειρὸς σιδήρου λύσει σε
- 21 L'a pwoteje ou anba kout lang. Ou p'ap bezwen pè lè w'a wè gwo malè ap pwoche.
He will keep you safe from the evil tongue; and you will have no fear of wasting when it comes.
ἀπὸ μᾶστιγος γλώσσης σε κρύψει καὶ οὐ μὴ φοβηθῆς ἀπὸ κακῶν ἐρχομένων
- 22 W'a pase ni malè ni grangou nan rizib. Ou p'ap pè bèt nan bwa.
You will make sport of destruction and need, and will have no fear of the beasts of the earth.
ἀδίκων καὶ ἀνόμων καταγέλαση ἀπὸ δὲ θηρίων ἀγρίων οὐ μὴ φοβηθῆς
- 23 Jaden w'ap travay yo p'ap gen wòch ladan yo. Bèt nan bwa p'ap janm atake ou.
For you will be in agreement with the stones of the earth, and the beasts of the field will be at peace with you.
θήρες γὰρ ἄγριοι εἰρηνεύσουσίν σοι
- 24 Lè sa a, w'a viv ak kè poze lakay ou. Lè w'a vizite pak zannimo ou yo, w'a kontan.
And you will be certain that your tent is at peace, and after looking over your property you will see that nothing is gone.
εἶτα γνώση ὅτι εἰρηνεύσει σου ὁ οἶκος ἢ δὲ δίαίτα τῆς σκηνῆς σου οὐ μὴ ἀμάρτη
- 25 W'a gen anpil pitit. Y'a pouse tankou plant nan jaden.
You will be certain that your seed will be great, and your offspring like the plants of the earth.
γνώση δὲ ὅτι πολὺ τὸ σπέρμα σου τὰ δὲ τέκνα σου ἔσται ὥσπερ τὸ παμβότανον τοῦ ἀγροῦ
- 26 Menm jan se lè mayi fin mi yo kase l', konsa tou se lè ou fin vye granmoun, w'a mourì.
You will come to your last resting-place in full strength, as the grain is taken up to the crushing-floor in its time.
ἐλεύση δὲ ἐν τάφῳ ὥσπερ σίτος ὄριμος κατὰ καιρὸν θερίζομενος ἢ ὥσπερ θιμωνιά ἄλωνος καθ' ὄραν συγκομισθεῖσα
- 27 Jòb monchè, nou te kalkile sou bagay sa yo anpil. Se konsa sa ye, tande. Pa fè tèt di. Asepte verite a.
See, we have made search with care, and it is so; it has come to our ears; see that you take note of it for yourself.
ἰδοὺ ταῦτα οὕτως ἐξιχνιάσαμεν ταῦτά ἐστιν ἃ ἀκηκόαμεν σὺ δὲ γνώθι σεαυτῷ εἴ τι ἐπραξας
- 1 ¶ Jòb pran lapawòl, li di konsa:
And Job made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ ἰωβ λέγει
- 2 -Si yo te ka pran pèz lapenn mwen, si yo te ka peze tout malè mwen yo nan balans,
If only my passion might be measured, and put into the scales against my trouble!
εἰ γὰρ τις ἰσθῶν στήσαι μου τὴν ὀργὴν τὰς δὲ δόδυνας μου ἄραι ἐν ζυγῷ ὁμοθυμαδόν

- 3 yo ta jwenn yo pi lou pase tout sab ki bò lanmè. Lè sa a, nou pa ta sezi tande m' pale jan m'ap pale a.
For then its weight would be more than the sand of the seas: because of this my words have been uncontrolled.
καὶ δὴ ἄμμου παραλίας βαρύτερα ἔσται ἀλλ' ὡς ἔοικεν τὰ ῥήματά μου ἔστιν φαῦλα
- 4 Bondye ki gen tout pouvwa a plante flèch li yo sou mwen. Pwazon yo a anvayi tout kò m'. Bondye voye sou mwen tout kalite malè pou fè kè m' kase.
For the arrows of the Ruler of all are present with me, and their poison goes deep into my spirit: his army of fears is put in order against me.
βέλη γὰρ κυρίου ἐν τῷ σώματί μου ἔστιν ὧν ὁ θυμὸς αὐτῶν ἐκπίνει μου τὸ αἷμα ὅταν ἄρξωμαι λαλεῖν κεντοῦσί με
- 5 Bourik mawon pa ranni lè li gen zèb pou l' manje. Ni bèf pa rele lè li gen manje devan l'.
Does the ass of the fields give out his voice when he has grass? or does the ox make sounds over his food?
τί γὰρ μὴ διὰ κενῆς κεκράζεται ὄνος ἄγριος ἀλλ' ἢ τὰ σῖτα ζητῶν εἰ δὲ καὶ ῥήξει φωνὴν βοῦς ἐπὶ φάτνης ἔχων τὰ βρώματα
- 6 Moun pa manje manje ki san gou, manje ki san sèl. Blan ze pa gen bon gou nan bouch.
Will a man take food which has no taste without salt? or is there any taste in the soft substance of purslain?
εἰ βρωθήσεται ἄρτος ἄνευ ἁλός εἰ δὲ καὶ ἔστιν γεῦμα ἐν ῥήμασιν κευοῖς
- 7 Mwen pa menm gen apeti pou bagay konsa. Tou sa mwen manje fè kè m' tounen.
My soul has no desire for such things, they are as disease in my food.
οὐ δύναται γὰρ παύσασθαι μου ἡ ψυχὴ βρόμον γὰρ ὀρώ τὰ σῖτά μου ὥσπερ ὄσμην λέοντος
- 8 ¶ Si Bondye te ka ban mwen sa m' mande l' la! Si li te ka fè m' jwenn sa m'ap tann lan!
If only I might have an answer to my prayer, and God would give me my desire!
εἰ γὰρ δόη καὶ ἔλθοι μου ἡ αἰτησις καὶ τὴν ἐλπίδα μου δόη ὁ κύριος
- 9 Si sèlman sa ta fè l' plezi pou l' touye m'! Si li ta vle lonje men l' pou l' disparèt mwen!
If only he would be pleased to put an end to me; and would let loose his hand, so that I might be cut off!
ἀρξάμενος ὁ κύριος τρωσάτω με εἰς τέλος δὲ μὴ με ἀνελέτω
- 10 Se ta va yon gwo konsolasyon pou mwen. Malgre tout soufrans mwen yo, mwen ta danse, mwen ta fè fèt, paske mwen konnen mwen pa janm dezobeyi lòd Bondye ki apa a bay.
So I would still have comfort, and I would have joy in the pains of death, for I have not been false to the words of the Holy One.
εἶη δέ μου πόλις τάφος ἐφ' ἧς ἐπὶ τειχέων ἠλόμην ἐπ' αὐτῆς οὐ μὴ φείσομαι οὐ γὰρ ἐψευσάμην ῥήματα ἄγια θεοῦ μου
- 11 Mwen pa gen fòs pou m' tann ankò. Pa gen ankenn espwa pou mwen. Sa m' bezwen viv toujou fè?
Have I strength to go on waiting, or have I any end to be looking forward to?
τίς γὰρ μου ἡ ἰσχὺς ὅτι ὑπομένω ἢ τίς μου ὁ χρόνος ὅτι ἀνέχεται μου ἡ ψυχὴ
- 12 Se pa wòch mwen ye. Se pa bout fè kò m' ye.
Is my strength the strength of stones, or is my flesh brass?
μὴ ἰσχὺς λίθων ἢ ἰσχὺς μου ἢ αἱ σάρκες μου εἰσιν χάλκεια
- 13 Mwen pa gen fòs ankò pou m' kenbe. Kote m' vire, mwen pa jwenn sekou.
I have no help in myself, and wisdom is completely gone from me.
ἢ οὐκ ἐπ' αὐτῷ ἐπεποιθεῖν βοήθεια δὲ ἀπ' ἐμοῦ ἄπεισιν
- 14 ¶ Nan tray m'ap pase koulye a, mwen bezwen bon zanmi ki pou soutni m', menm si mwen ta vire do bay Bondye.
He whose heart is shut against his friend has given up the fear of the Ruler of all.
ἀπειπάτό με ἔλεος ἐπισκοπῆ δὲ κυρίου ὑπερεῖδέν με
- 15 Men, frè m' yo, nou p'ap di m' anyen la a. Nou tankou ravin chèch ki pa gen dlo depi lapli pa tonbe.
My friends have been false like a stream, like streams in the valleys which come to an end:
οὐ προσεῖδόν με οἱ ἐγγύτατοί μου ὥσπερ χειμάρρους ἐκλείπων ἢ ὥσπερ κῦμα παρηλθόν με
- 16 Nan sezon fredè, lè lanèj ap fonn, yo plen dlo sal ki frèt kou glas.
Which are dark because of the ice, and the snow falling into them;
οἵτινές με διευλαβοῦντο νῦν ἐπιπεπτώκασίν μοι ὥσπερ χιῶν ἢ κρύσταλλος πεπηγός

- 17 Men, nan sezon lesèk, pa yon gout dlo! Chalè solèy la cheche yo nèt.
Under the burning sun they are cut off, and come to nothing because of the heat.
καθώς τακείσα θέρμης γενομένης οὐκ ἐπεγνώσθη ὄπερ ἦν
- 18 Bann vwayajè yo kite chemen yo pou y' al dèyè dlo. Yo pèdi nan dezè a. Yo mourì.
The camel-trains go out of their way; they go up into the waste and come to destruction.
οὕτως κἀγὼ κατελείφθην ὑπὸ πάντων ἀπωλόμην δὲ καὶ ἔξοικος ἐγενόμην
- 19 Vwayajè ki soti nan peyi Cheba ak nan peyi Saba ap touye tèt yo chache dlo.
The camel-trains of Tema were searching with care, the bands of Sheba were waiting for them:
ἴδετε ὁδοὺς θαιμανῶν ἀτραποὺς σαβων οἱ διορῶντες
- 20 Yo pa ka jwenn. Rive devan ravin lan, yo pa konn sa pou yo fè.
They were put to shame because of their hope; they came and their hope was gone.
καὶ αἰσχύνην ὀφειλήσουσιν οἱ ἐπὶ πόλεσιν καὶ χρήμασιν πεποιθότες
- 21 Wi, mezanmi. Nou tankou yon ravin chèch pou mwen. Nou wè nan ki eta mwen ye, nou pè, n'ap renka kò nou dèyè.
So have you now become to me; you see my sad condition and are in fear.
ἀτὰρ δὲ καὶ ὑμεῖς ἐπέβητέ μοι ἀνελεημόνως ὥστε ἰδόντες τὸ ἐμὸν τραῦμα φοβήθητε
- 22 ¶ Eske m' te mande nou pou nou fè m' kado kichòy? Osinon pou nou fè yon moun kado pou mwen nan sa nou genyen?
Did I say, Give me something? or, Make a payment for me out of your wealth?
τί γάρ μή τι ὑμᾶς ἦτησα ἢ τῆς παρ' ὑμῶν ἰσχύος ἐπιδέομαι
- 23 Eske mwen te mande nou pou nou vin wete m' anba grif yon lènmi, osinon pou nou delivre m' anba men yon moun k'ap fè m' souffri?
Or, Get me out of the power of my hater? or, Give money so that I may be free from the power of the cruel ones?
ὥστε σῶσαί με ἐξ ἐχθρῶν ἢ ἐκ χειρὸς δυναστῶν ῥύσασθαί με
- 24 Bon. Pale avè m'. Si m' antò, fè m' wè kote m' antò a. Lè sa a, m'a pe bouch mwen. M'a koute nou.
Give me teaching and I will be quiet; and make me see my error.
διδάξατέ με ἐγὼ δὲ κωφεύσω εἴ τι πεπλάνημαι φράσατέ μοι
- 25 Pawòl ki pale verite bon pou tande. Men, m' pa wè sa nou vle di m' la a.
How pleasing are upright words! but what force is there in your arguments?
ἀλλ' ὡς ἔοικεν φαῦλα ἀληθινῶ ῥήματα οὐ γὰρ παρ' ὑμῶν ἰσχὺν αἰτοῦμαι
- 26 Ou di mwen fin dekouraje. Se depale m'ap depale. Poukisa atò w'ap kritike pawòl mwen yo konsa?
My words may seem wrong to you, but the words of him who has no hope are for the wind.
οὐδὲ ὁ ἔλεγχος ὑμῶν ῥήμασίν με παύσει οὐδὲ γὰρ ὑμῶν φθέγμα ῥήματος ἀνέξομαι
- 27 Konsa tou, ou ta rive jwe lajan sou tèt timoun san papa. Ou ta fè lajan sou tèt bon zanmi ou.
Truly, you are such as would give up the child of a dead man to his creditors, and would make a profit out of your friend.
πλὴν ὅτι ἐπ' ὀρφανῶ ἐπιπίπτετε ἐνάλλεσθε δὲ ἐπὶ φίλῳ ὑμῶν
- 28 Koulye a, monchè, tanpri, gade m' nan je. Mwen p'ap ba ou manti.
Now then, let your eyes be turned to me, for truly I will not say what is false to your face.
νυνὶ δὲ εἰσβλέψας εἰς πρόσωπα ὑμῶν οὐ ψεύσομαι
- 29 Tounen non! Pa fè m' lenjistis sa a! Tounen, mwen di ou. Se kòz mwen m'ap defann.
Let your minds be changed, and do not have an evil opinion of me; yes, be changed, for my righteousness is still in me.
καθίσατε δὴ καὶ μὴ εἶη ἄδικον καὶ πάλιν τῷ δικαίῳ συνέρχεσθε
- 30 Eske se manti m'ap bay? Dapre nou, mwen pa konnen sa ki byen ak sa ki mal?
Is there evil in my tongue? is not the cause of my trouble clear to me?
οὐ γὰρ ἔστιν ἐν γλώσσῃ μου ἄδικον ἢ ὁ λάρυγξ μου οὐχὶ σύνεσιν μελετᾷ

- 1 ¶ Lavi yon nonm sou latè, se tankou sèvis militè l'ap fè. Li tankou moun k'ap vann jounen!
Has not man his ordered time of trouble on the earth? and are not his days like the days of a servant working for payment?
πότερον οὐχὶ πειρατήριόν ἐστιν ὁ βίος ἀνθρώπου ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ὡσπερ μισθίου αὐθημερινοῦ ἡ ζωὴ αὐτοῦ
- 2 Li tankou yon esklav k'ap tann lannwit pou l' poze, tankou yon travayè k'ap tann kòb jounen travay li.
As a servant desiring the shades of evening, and a workman looking for his payment:
ἢ ὡσπερ θερᾶπων δεδουκῶς τὸν κύριον αὐτοῦ καὶ τετευχῶς σκιᾶς ἢ ὡσπερ μισθωτὸς ἀναμένων τὸν μισθὸν αὐτοῦ
- 3 Depi kèk mwa, m' pa wè poukisa m'ap viv. Tout lannwit se soufri m'ap soufri.
So I have for my heritage months of pain to no purpose, and nights of weariness are given to me.
οὕτως κάγω ὑπέμεινα μῆνας κενούς νύκτες δὲ ὀδυνῶν δεδομένα μοί εἰσιν
- 4 M' poko kouche nan kabann mwen, m'ap mande kilè pou l' jou. Nwit la long. M' pa ka dòmi, yon bann vye lide ap pase nan tèt mwen jouk solèy leve.
When I go to my bed, I say, When will it be time to get up? but the night is long, and I am turning from side to side till morning light.
ἐὰν κοιμηθῶ λέγω πότε ἡμέρα ὡς δ' ἂν ἀναστῶ πάλιν πότε ἐσπέρα πλήρης δὲ γίνομαι ὀδυνῶν ἀπὸ ἐσπέρας ἕως πρωί
- 5 Tout kò m' plen vè ak gwo plak bouton toupatou. Po m' fann fann, l'ap bay postim.
My flesh is covered with worms and dust; my skin gets hard and then is cracked again.
φύρεται δέ μου τὸ σῶμα ἐν σαπρία σκολήκων τήκω δὲ βῶλακας γῆς ἀπὸ ἰχῶρος ζύων
- 6 Jou m' yo pase pi vit pase zegwi nan men moun k'ap maye senn. Yo disparèt, pa gen anyen m'ap tann ankò.
My days go quicker than the cloth-worker's thread, and come to an end without hope.
ὁ δὲ βίος μου ἐστιν εὐαφρότερος λαλιᾶς ἀπόλωλεν δὲ ἐν κενῇ ἐλπίδι
- 7 ¶ Bondye o! Pa bliye, lavi m' tankou yon nwaj k'ap pase. Lè m'a fèmen je m', mwen p'ap janm kapab jwi lavi a ankò.
O, keep in mind that my life is wind: my eye will never again see good.
μνήσθητι οὖν ὅτι πνεῦμά μου ἡ ζωὴ καὶ οὐκέτι ἐπανελεύσεται ὁ ὀφθαλμός μου ἰδεῖν ἀγαθόν
- 8 Ou wè m' koulye a, men ou p'ap janm wè m' ankò. W'a chache m', ou p'ap jwenn mwen.
The eye of him who sees me will see me no longer: your eyes will be looking for me, but I will be gone.
οὐ περιβλέψεται με ὀφθαλμός ὀρώντός με οἱ ὀφθαλμοί σου ἐν ἐμοί καὶ οὐκέτι εἰμι
- 9 Tankou yon nwaj ki ale nè, ki disparèt, lè yon moun mourì, pa gen leve pou li ankò.
A cloud comes to an end and is gone; so he who goes down into the underworld comes not up again.
ὡσπερ νέφος ἀποκαθαρθὲν ἀπ' οὐρανοῦ ἐὰν γὰρ ἄνθρωπος καταβῆ εἰς ἄδην οὐκέτι μὴ ἀναβῆ
- 10 Li p'ap janm tounen lakay li. Moun lakay li tou bliye l'.
He will not come back to his house, and his place will have no more knowledge of him.
οὐδ' οὐ μὴ ἐπιστρέψῃ ἔτι εἰς τὸν ἴδιον οἶκον οὐδὲ μὴ ἐπιγνῶ αὐτὸν ἔτι ὁ τόπος αὐτοῦ
- 11 Se poutèt sa, m' pa ka pa pale. Kè m' sere. Kite m' pale pale m'. Lapenn kaye nan kè m'. Kite m' plenyen plenyen m'.
So I will not keep my mouth shut; I will let the words come from it in the pain of my spirit, my soul will make a bitter outcry.
ἀτὰρ οὖν οὐδὲ ἐγὼ φείσομαι τῷ στόματί μου λαλήσω ἐν ἀνάγκῃ ὧν ἀνοίξω πικρίαν ψυχῆς μου συνεχόμενος
- 12 Poukisa ou mete moun veye m' konsa? M' pa lannmè. M' pa gwo bèt lanmè.
Am I a sea, or a sea-beast, that you put a watch over me?
πότερον θάλασσά εἰμι ἢ δράκων ὅτι κατέταξας ἐπ' ἐμὲ φυλακὴν
- 13 M' te di nan kè m': M' pral lage kò m' yon kote. M'a pran yon ti kanpo. Si m' dòmi, m'a jwenn yon ti soulajman!
When I say, In my bed I will have comfort, there I will get rest from my disease;
εἶπα ὅτι παρακαλέσει με ἡ κλίνη μου ἀνοίσω δὲ πρὸς ἑμαυτὸν ἰδίᾳ λόγον τῇ κοίτῃ μου
- 14 Men, ou fè m' fè yon bann vye rèv k'ap fè m' pè. M'ap fè yon bann vye vizyon k'ap fè m' tranble.
Then you send dreams to me, and visions of fear;
ἐκφοβεῖς με ἐνυπνίους καὶ ἐν ὁράμασίν με καταπλήσσεις

- 15 Lè konsa, pito moun te trangle m'. Pito m' te mouri pase pou m' soufri tout doule sa yo.
So that a hard death seems better to my soul than my pains.
ἀπαλλάξεις ἀπὸ πνεύματός μου τὴν ψυχὴν μου ἀπὸ δεῦρος θανάτου τὰ ὀστᾶ μου
- 16 Se fini m'ap fini. Fòk mwen mouri yon jou! Kite m' pou kont mwen. Lavi m' prèt pou bout!
I have no desire for life, I would not be living for ever! Keep away from me, for my days are as a breath.
οὐ γὰρ εἰς τὸν αἰῶνα ζήσομαι ἵνα μακροθυμήσω ἀπόστα ἀπ' ἐμοῦ κενὸς γάρ μου ὁ βίος
- 17 ¶ Kisa lèzòm ye pou ou pran ka yo konsa? Kisa yo ye menm pou w'ap okipe yo konsa?
What is man, that you have made him great, and that your attention is fixed on him,
τί γάρ ἐστιν ἄνθρωπος ὅτι ἐμεγάλυνας αὐτὸν ἢ ὅτι προσέχεις τὸν νοῦν εἰς αὐτὸν
- 18 Chak maten ou pase wè jan yo ye. Chak lè, w'ap gade nan fon kè yo, w'ap sonde yo.
And that your hand is on him every morning, and that you are testing him every minute?
ἢ ἐπισκοπῆν αὐτοῦ ποιῆση ἕως τὸ πρωὶ καὶ εἰς ἀνάπαυσιν αὐτὸν κρινεῖς
- 19 Kilè w'a sispann gade m'? Ban m' yon ti souf non kont pou m' vale krache m'!
How long will it be before your eyes are turned away from me, so that I may have a minute's breathing-space?
ἕως τίνος οὐκ ἔῤῥε με οὐδὲ προΐη με ἕως ἂν καταπίω τὸν πτύελόν μου ἐν ὀδύνη
- 20 Si m' fè peche, kisa m' fè ou? Di m' non, ou menm k'ap veye tou sa moun ap fè? Poukisa w'ap plante tout flèch ou yo nan kò m' konsa? Poukisa ou fè m' tounen yon chay pou ou?
If I have done wrong, what have I done to you, O keeper of men? why have you made me a mark for your blows, so that I am a weariness to myself?
εἰ ἐγὼ ἤμαρτον τί δύναμαί σοι πράξαι ὁ ἐπιστάμενος τὸν νοῦν τῶν ἀνθρώπων διὰ τί ἔθου με κατεντευκτὴν σου εἰμί δὲ ἐπὶ σοὶ φορτίον
- 21 Se sipòte ou pa ka sipòte ankò sa mwen fè ki mal? Se padonnen ou pa ka padonnen peche m' yo? Talè konsa mwen pral anba tè. W'a chache m', ou p'ap jwenn mwen ankò.
And why do you not take away my sin, and let my wrongdoing be ended? for now I go down to the dust, and you will be searching for me with care, but I will be gone.
καὶ διὰ τί οὐκ ἐποιήσω τῆς ἀνομίας μου λήθην καὶ καθαρισμὸν τῆς ἀμαρτίας μου νυνὶ δὲ εἰς γῆν ἀπελεύσομαι ὀρθρίζων δὲ οὐκέτι εἰμί
- 1 ¶ Lè sa a, Bildad, moun peyi Chwa a, pran lapawòl, li di konsa:
Then Bildad the Shuhite made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ βαλδαδ ὁ σαυχίτης λέγει
- 2 -Kilè w'a sispann pale jan w'ap pale a? Se bri ase w'ap fè tankou kalbas gran bouch!
How long will you say these things, and how long will the words of your mouth be like a strong wind?
μέχρι τίνος λαλήσεις ταῦτα πνεῦμα πολυρῆμον τοῦ στόματός σου
- 3 Bondye pa nan lenjistis. Bondye ki gen tout pouvwa a ap toujou fè sa ki dwat.
Does God give wrong decisions? or is the Ruler of all not upright in his judging?
μὴ ὁ κύριος ἀδικήσει κρίνων ἢ ὁ τὰ πάντα ποιήσας ταράξει τὸ δίκαιον
- 4 Si pitit ou yo te dezobeyi lòd li yo, li fè yo peye sa yo fè a.
If your children have done evil against him, then their punishment is from his hand.
εἰ οἱ υἱοὶ σου ἤμαρτον ἐναντίον αὐτοῦ ἀπέστειλεν ἐν χειρὶ ἀνομίας αὐτῶν
- 5 Ou menm menm, rele Bondye. Lapriyè nan pye Bondye ki gen tout pouvwa a.
If you will make search for God with care, and put your request before the Ruler of all;
σὺ δὲ ὀρθρίζε πρὸς κύριον παντοκράτορα δεόμενος
- 6 Si li pa gen anyen pou l' repwoche ou, si ou toujou mache dwat devan li, lè sa a, ou mèt sèten, l'a fè kichòy pou ou, l'ap renmèt ou tou sa ou te genyen.
If you are clean and upright; then he will certainly be moved to take up your cause, and will make clear your righteousness by building up your house again.
εἰ καθαρὸς εἶ καὶ ἀληθινὸς δεήσεως ἐπακούσεται σου ἀποκαταστήσει δέ σοι διαίταν δικαιοσύνης
- 7 Tou sa ou te gen anvan an p'ap anyen devan sa Bondye pral ba ou a.
And though your start was small, your end will be very great.
ἔσται οὖν τὰ μὲν πρῶτά σου ὀλίγα τὰ δὲ ἔσχατά σου ἀμύθητα

- 8 ¶ Chache konnen sa ki te pase nan tan lontan. Gade sa ki te rive zansèt nou yo.
Put the question now to the past generations, and give attention to what has been searched out by their fathers:
ἐπερώτησον γὰρ γενεὰν πρώτην ἐξιχνίασον δὲ κατὰ γένος πατέρων
- 9 Nou menm, nou se moun ayè. Nou pa konn anyen. Se pase n'ap pase sou tè a.
(For we are but of yesterday, and have no knowledge, because our days on earth are gone like a shade:)
χθιζοῖ γὰρ ἔσμεν καὶ οὐκ οἶδαμεν σκιά γὰρ ἔστιν ἡμῶν ἐπὶ τῆς γῆς ὁ βίος
- 10 Men, granmoun tan lontan yo va moutre ou anpil bagay. Y'a pale avè ou. Tande sa y'ap di ou.
Will they not give you teaching, and say words of wisdom to you?
ἢ οὐχ οὗτοί σε διδάξουσιν καὶ ἀναγγελοῦσιν καὶ ἐκ καρδίας ἐξάξουσιν ῥήματα
- 11 Se nan marekay ou jwenn jon. Wozo pa pouse kote ki pa gen dlo.
Will the river-plant come up in its pride without wet earth? will the grass get tall without water?
μὴ θάλλει πάπυρος ἄνευ ὕδατος ἢ ὑψοθήσεται βούτομον ἄνευ πότου
- 12 Nan tan chechrès, li te mèt tou piti, tou vèt, lè lesèk tonbe, anvan menm yo koupe l', premye zèb ki fennen se li menm.
When it is still green, without being cut down, it becomes dry and dead before any other plant.
ἔτι ὄν ἐπὶ ῥίζης καὶ οὐ μὴ θερισθῆῖ πρὸ τοῦ πιεῖν πᾶσα βοτάνη οὐχὶ ξηραίνεται
- 13 Se menm bagay la tou pou moun ki bliye si gen Bondye. Moun ki vire do bay Bondye p'ap jwenn sa y'ap tann lan.
So is the end of all who do not keep God in mind; and the hope of the evil-doer comes to nothing:
οὕτως τοίνυν ἔσται τὰ ἔσχατα πάντων τῶν ἐπιλανθανομένων τοῦ κυρίου ἐλπὶς γὰρ ἀσεβοῦς ἀπολεῖται
- 14 Konfyans yo pa chita sou anyen. Se tankou si y'ap apiye sou bwa pouri.
Whose support is cut off, and whose hope is no stronger than a spider's thread.
ἀοίκητος γὰρ αὐτοῦ ἔσται ὁ οἶκος ἀράχνη δὲ αὐτοῦ ἀποβήσεται ἡ σκιανή
- 15 Si yo panche sou li, li ale. Si yo kenbe l' fò, y'ap blayi atè ansanm avè l'.
He is looking to his family for support, but it is not there; he puts his hope in it, but it comes to nothing.
ἐὰν ὑπερείη τὴν οἰκίαν αὐτοῦ οὐ μὴ στήῖ ἐπιλαβομένου δὲ αὐτοῦ οὐ μὴ ὑπομείνῃ
- 16 Mechan yo pouse tankou move zèb nan solèy. Yo pran tout jaden an pou yo.
He is full of strength before the sun, and his branches go out over his garden.
ὕγρὸς γὰρ ἔστιν ὑπὸ ἡλίου καὶ ἐκ σαπρίας αὐτοῦ ὁ ῥάδαμνος αὐτοῦ ἐξελεύσεται
- 17 Rasin yo mache nan mitan tout fant wòch yo. Se la yo jwenn sa yo bezwen pou yo viv.
His roots are twisted round the stones, forcing their way in between them.
ἐπὶ συναγωγῆν λίθων κοιμᾶται ἐν δὲ μέσῳ χαλίκων ζήσεται
- 18 Rache ou rache yo pa gen moun ki pou konnen kote yo te ye a.
If he is taken away from his place, then it will say, I have not seen you.
ἐὰν καταπίῃ ὁ τόπος ψεύσεται αὐτόν οὐχ ἑόρακας τοιαῦτα
- 19 Talè konsa, l'ap pouri bò chemen an. Se lòt k'ap pouse nan plas li.
Such is the joy of his way, and out of the dust another comes up to take his place.
ὅτι καταστροφή ἀσεβοῦς τοιαύτη ἐκ δὲ γῆς ἄλλον ἀναβλαστήσει
- 20 ¶ Non, monchè! Bondye pa janm lage moun ki kenbe pye l' fèm. Ni li pa janm lonje men l' pou l' soutni mechan yo.
Truly, God will not give up him who is without sin, and will not take evil-doers by the hand.
ὁ γὰρ κύριος οὐ μὴ ἀποποιήσεται τὸν ἄκακον πᾶν δὲ δῶρον ἀσεβοῦς οὐ δέξεται
- 21 L'a fè kè ou kontan ankò, bouch ou pral chante bèl chante pou li.
The time will come when your mouth will be full of laughing, and cries of joy will come from your lips.
ἀληθινῶν δὲ στόμα ἐμπλήσει γέλωτος τὰ δὲ χεῖλη αὐτῶν ἐξομολογήσεως

- 22 Men, l'ap fè moun ki pa vle wè ou yo wont. Fanmi mechan yo va disparèt.
Your haters will be clothed with shame, and the tent of the sinner will not be seen again.
οἱ δὲ ἐχθροὶ αὐτῶν ἐνδύσονται αἰσχύνῃν διαίτα δὲ ἀσεβοῦς οὐκ ἔσται
- 1 ¶ Lè sa a, Jòb pran lapawòl, li di konsa:
And Job made answer and said,
ὕπολαβὼν δὲ ἰωβ λέγει
- 2 -Wi, mwen konnen se konsa sa ye. Men, ki jan pou yon moun ka gen rezon devan Bondye?
Truly, I see that it is so: and how is it possible for a man to get his right before God?
ἐπ' ἀληθείας οἶδα ὅτι οὕτως ἐστίν πῶς γὰρ ἔσται δίκαιος βροτὸς παρὰ κυρίῳ
- 3 Si li vle plede ak Bondye, Bondye ap mande l' venmil keksyon, li p'ap ka reponn yonn menm.
If a man was desiring to go to law with him, he would not be able to give him an answer to one out of a thousand questions.
ἐὰν γὰρ βούληται κριθῆναι αὐτῷ οὐ μὴ ὑπακούσῃ αὐτῷ ἵνα μὴ ἀντείπῃ πρὸς ἓνα λόγον αὐτοῦ ἐκ χιλίων
- 4 Bondye sitèlman gen bon konprann, li sitèlman gen fòs, pa gen moun ki ka kenbe tèt avè l' pou yo pa peye sa.
He is wise in heart and great in strength: who ever made his face hard against him, and any good came of it?
σοφὸς γὰρ ἐστὶν διανοία κραταιὸς τε καὶ μέγας τίς σκληρὸς γενόμενος ἐναντίον αὐτοῦ ὑπέμεινε
- 5 Li deplase mòn yo lè lide l' di l'. Lè li an kòlè, li voye yo jete byen lwen.
It is he who takes away the mountains without their knowledge, overturning them in his wrath:
ὁ παλαιῶν ὄρη καὶ οὐκ οἶδασιν ὁ καταστρέφων αὐτὰ ὄρη
- 6 Bondye fè tè a tranble kote l' chita a. Li souke potò ki soutni l' yo.
Who is moving the earth out of its place, so that its pillars are shaking:
ὁ σειῶν τὴν ὑπ' οὐρανὸν ἐκ θεμελίων οἱ δὲ στῦλοι αὐτῆς σαλεύονται
- 7 Li annik bay yon lòd, epi solèy la pa leve. Li fè zetwal yo pa klere lannwit.
Who gives orders to the sun, and it does not give its light; and who keeps the stars from shining.
ὁ λέγων τῷ ἡλίῳ καὶ οὐκ ἀνατέλλει κατὰ δὲ ἄστρον κατασφραγίζει
- 8 Li te pou kont li lè li t'ap louvri syèl la anwo tè a. Li mache sou lanmè a jan li vle.
By whose hand the heavens were stretched out, and who is walking on the waves of the sea:
ὁ τανύσας τὸν οὐρανὸν μόνος καὶ περιπατῶν ὡς ἐπ' ἐδάφους ἐπὶ θαλάσσης
- 9 Se li ki fè zetwal yo: Gwo Kabwèt la, Oryon, Lapousiyè ak zetwal Sid yo.
Who made the Bear and Orion, and the Pleiades, and the store-houses of the south:
ὁ ποιῶν πλειάδα καὶ ἔσπερον καὶ ἄρκτουρον καὶ ταμίεια νότου
- 10 Se li menm ki fè yon bann bèl bagay nou pa ka fin konprann, yon dal mènèy nou pa ka fin konte.
Who does great things not to be searched out; yes, wonders without number.
ὁ ποιῶν μέγала καὶ ἀνεξιχνίαστα ἐνδοξά τε καὶ ἐξαισία ὧν οὐκ ἔστιν ἀριθμὸς
- 11 Bondye te mèt ap pase toupre m', mwen pa ka wè l'. Li glise kò l', li ale.
See, he goes past me and I see him not: he goes on before, but I have no knowledge of him.
ἐὰν ὑπερβῆ με οὐ μὴ ἴδω καὶ ἐὰν παρέλθῃ με οὐδ' ὧς ἔγνω
- 12 Li pran sa l' bezwen. Pa gen moun ki pou enpoze l' fè l'. Pa gen moun ki ka penmèt yo mande l': Sa w'ap fè la a?
If he puts out his hand to take, by whom may it be turned back? who may say to him, What are you doing?
ἐὰν ἀπαλλάξῃ τίς ἀποστρέψει ἢ τίς ἐρεῖ αὐτῷ τί ἐποίησας
- 13 Bondye pa ka kenbe kòlè l' ankò! Li fè tout patizan Raab yo bese tèt devan li.
God's wrath may not be turned back; the helpers of Rahab were bent down under him.
αὐτὸς γὰρ ἀπέστραπται ὄργῃν ὑπ' αὐτοῦ ἐκάμφθησαν κήτη τὰ ὑπ' οὐρανόν

- 14 ¶ Se mwen menm atò ki pou ta kenbe tèt avè l'? Se mwen menm atò ki pou ta plede avè l'?
How much less may I give an answer to him, using the right words in argument with him?
ἐὰν δέ μου ὑπακούσῃται ἢ διακρινεῖ τὰ ῥήματά μου
- 15 Menm si m' te gen rezon, sa m' bezwen defann tèt mwen fè? Se li k'ap jije m', se padon ase pou m' mande l'.
Even if my cause was good, I would not be able to give an answer; I would make request for grace from him who was against me.
ἐάν τε γὰρ ὃ δίκαιος οὐκ εἰσακούσεται μου τοῦ κρίματος αὐτοῦ δεηθήσομαι
- 16 Menm si li ta reponn mwen lè m' rele l', mwen pa kwè li ta koute sa m'ap di l'.
If I had sent for him to be present, and he had come, I would have no faith that he would give ear to my voice.
ἐάν τε καλέσω καὶ ὑπακούσῃ οὐ πιστεύω ὅτι εἰσακήκοέν μου
- 17 Li rete konsa li kraze m' pou anyen. Li blese m' nan tout kò m', san m' pa fè anyen.
For I would be crushed by his storm, my wounds would be increased without cause.
μὴ γνόφω με ἐκτρίψῃ πολλὰ δέ μου τὰ συντρίμματα πεποίηκεν διὰ κενῆς
- 18 Li pa ban m' tan pou m' pran yon ti souf menm. Li voye malè sou mwen yonn apre lòt.
He would not let me take my breath, but I would be full of bitter grief.
οὐκ ἔῃ γάρ με ἀναπνεῦσαι ἐνέπλησεν δέ με πικρίας
- 19 Mwen ta seye fè fòs avè l'? Fòs, se nan men l' sa ye. Mwen ta rele l' tribinal? Ki jij ki va voye manda ba li?
If it is a question of strength, he says, Here I am! and if it is a question of a cause at law, he says, Who will give me a fixed day?
ὅτι μὲν γὰρ ἰσχύι κρατεῖ τίς οὖν κρίματι αὐτοῦ ἀντιστήσεται
- 20 M' te mèt gen rezon, pawòl nan bouch mwen ap kondannen m'. M' te mèt inonsan, tou sa m'ap di ap ban m' tò.
Though I was in the right, he would say that I was in the wrong; I have done no evil; but he says that I am a sinner.
ἐὰν γὰρ ὃ δίκαιος τὸ στόμα μου ἀσεβήσῃ ἐάν τε ὃ ἄμεμπτος σκολιὸς ἀποβήσομαι
- 21 Eske m' inonsan? M' pa menm ka di sa. Lavi pa di m' anyen ankò!
I have done no wrong; I give no thought to what becomes of me; I have no desire for life.
εἴτε γὰρ ἡσέβησα οὐκ οἶδα τῆ ψυχῆ πλὴν ὅτι ἀφαιρεῖται μου ἡ ζωὴ
- 22 ¶ Si gen yon bagay m' ka di: inonsan ou koupab, se menm bagay. Bondye ap toujou detwi nou.
It is all the same to me; so I say, He puts an end to the sinner and to him who has done no wrong together.
διὸ εἶπον μέγαν καὶ δυνάστην ἀπολλύει ὀργή
- 23 Si yon malè konmanse ap simen lanmò, inonsan te mèt ap rele, Bondye ri sa.
If death comes suddenly through disease, he makes sport of the fate of those who have done no wrong.
ὅτι φάθλοι ἐν θανάτῳ ἐξαισίῳ ἀλλὰ δίκαιοι καταγελῶνται
- 24 Lè yon peyi tonbe anba men moun ki mechan, Bondye bouche je tout jij yo. Si se pa li ki fè sa, ki moun ki pou fè l'?
The land is given into the power of the evil-doer; the faces of its judges are covered; if not by him, then who has done it?
παραδέδονται γὰρ εἰς χεῖρας ἀσεβοῦς πρόσωπα κριτῶν αὐτῆς συγκαλύπτει εἰ δὲ μὴ αὐτός τίς ἐστίν
- 25 ¶ Jou yo pase pou mwen pi vit pase dlo larivyè. Pa gen yonn ki ban m' kè kontan.
My days go quicker than a post-runner: they go in flight, they see no good.
ὁ δὲ βίος μου ἐστίν ελαφρότερος δρομέως ἀπέδρασαν καὶ οὐκ εἶδσαν
- 26 Yo kouri tankou bwa fouye sou larivyè, tankou malfini k'ap plonje sou ti poul.
They go rushing on like reed-boats, like an eagle dropping suddenly on its food.
ἢ καὶ ἐστὶν ναυσὶν ἴχνος ὁδοῦ ἢ ἀετοῦ πετομένου ζητοῦντος βοράν
- 27 Si mwen di: Bon. M' p'ap plenyen ankò. M'ap chanje figi m', m'ap fè yon ti ri,
If I say, I will put my grief out of mind, I will let my face be sad no longer and I will be bright;
ἐάν τε γὰρ εἶπω ἐπιλήσομαι λαλῶν συγκόψας τῷ προσώπῳ στενάξω

- 28 soufrans yo vin pi rèd sou mwen. Mwen pè, paske mwen konnen pou Bondye mwen pa inonsan.
I go in fear of all my pains; I am certain that I will not be free from sin in your eyes.
σειομαι πᾶσιν τοῖς μέλεσιν οἶδα γὰρ ὅτι οὐκ ἀθῶόν με ἐάσεις
- 29 Si m' antò, sa m' bezwen bat kò m' pou gremesi fè?
You will not let me be clear of sin! why then do I take trouble for nothing?
ἐπειδὴ δέ εἰμι ἀσεβῆς διὰ τί οὐκ ἀπέθανον
- 30 Pa gen dlo ki ka lave m'. Pa gen savon ki ka blanchi m'.
If I am washed with snow water, and make my hands clean with soap;
ἐὰν γὰρ ἀπολούσωμαι χιόνι καὶ ἀποκαθάρωμαι χερσὶν καθαραῖς
- 31 Bondye voye m' jete nan yon pil fatra. Ata rad m' pa ka mete sou mwen.
Then you will have me pushed into the dust, so that I will seem disgusting to my very clothing.
ικανῶς ἐν ῥύπῳ με ἐβασαs ἐβδελύξατο δέ με ἡ στολή
- 32 Men, Bondye pa yon moun tankou m'. M' pa ka diskite avè l'. Nou pa ka al lajistis.
For he is not a man as I am, that I might give him an answer, that we might come together before a judge.
οὐ γὰρ εἶ ἄνθρωπος κατ' ἐμέ ᾧ ἀντικρινοῦμαι ἵνα ἔλθωμεν ὁμοθυμαδὸν εἰς κρίσιν
- 33 Pa gen moun ki ka mete ola nan koze a. Pa gen moun ki ka jije m' ansanm avè l'.
There is no one to give a decision between us, who might have control over us.
εἶθε ἦν ὁ μεσίτης ἡμῶν καὶ ἐλέγχων καὶ διακούων ἀνὰ μέσον ἀμφοτέρων
- 34 Pa gen moun ki ka kenbe men l' pou li sispann fè m' pè.
Let him take away his rod from me and not send his fear on me:
ἀπαλλαξάτω ἀπ' ἐμοῦ τὴν ῥάβδον ὁ δὲ φόβος αὐτοῦ μὴ με στροβείτω
- 35 Men, mwen pa pè l'. M'ap pale, paske se mwen ki konnen sa ki nan kè m'.
Then I would say what is in my mind without fear of him; for there is no cause of fear in myself.
καὶ οὐ μὴ φοβηθῶ ἀλλὰ λαλήσω οὐ γὰρ οὕτω συνεπίσταμαι
- 1 ¶ M' degoute ak lavi a. M' pa ka kenbe ankò. Kite m' plenn sò mwen! Kite m' di tout lapenn ki nan kè mwen!
My soul is tired of life; I will let my sad thoughts go free in words; my soul will make a bitter outcry.
κἀμνων τῇ ψυχῇ μου στένων ἐπαφήσω ἐπ' αὐτὸν τὰ ῥήματά μου λαλήσω πικρία ψυχῆς μου συνεχόμενος
- 2 M'a di Bondye: Tanpri, pa kondannen m'. Fè m' konnen poukisa ou leve dèyè m' konsa.
I will say to God, Do not put me down as a sinner; make clear to me what you have against me.
καὶ ἐρῶ πρὸς κύριον μὴ με ἀσεβεῖν δίδασκε καὶ διὰ τί με οὕτως ἔκρινας
- 3 Eske ou gen rezon pou ou fè m' tou sa w'ap fè m' lan, pou ou meprize sa ou fè ak men ou, pou ou ri lè mechan yo ap fè konfyolo yo?
What profit is it to you to be cruel, to give up the work of your hands, looking kindly on the design of evil-doers?
ἦ καλὸν σοι ἐὰν ἀδικήσω ὅτι ἀπέιω ἔργα χειρῶν σου βουλῇ δὲ ἀσεβῶν προσέσχες
- 4 Eske ou wè sa k'ap fèt sou latè tankou nou menm moun nou wè l' la?
Have you eyes of flesh, or do you see as man sees?
ἦ ὥσπερ βροτὸς ὀρᾷ καθορᾷς ἢ καθὼς ὀρᾷ ἄνθρωπος βλέψη
- 5 Lavi ou pa tankou lavi pa nou. Nou gen pou nou mourì, ou menm w'ap toujou la.
Are your days as the days of man, or your years like his,
ἦ ὁ βίος σου ἀνθρώπινός ἐστιν ἢ τὰ ἔτη σου ἀνδρός
- 6 W'ap chache dènye ti peche moun fè. Ou dèyè pou ou konnen tou sa mwen fè ki mal.
That you take note of my sin, searching after my wrongdoing,
ὅτι ἀνεζήτησας τὴν ἀνομίαν μου καὶ τὰς ἁμαρτίας μου ἐξιχνίασας

- 7 Ou konnen m' pa antò. Pa gen moun ki ka sove m' anba men ou!
 Though you see that I am not an evil-doer; and there is no one who is able to take a man out of your hands?
 οἶδας γὰρ ὅτι οὐκ ἠσέβησα ἀλλὰ τίς ἐστὶν ὁ ἐκ τῶν χειρῶν σου ἐξαιρούμενος
- 8 ¶ Se ak men ou ou te fè m'. Se avè l' ou te ban m' fòm mwen. Epi se ak menm men sa yo ou vle detwi m' ankò?
 Your hands made me, and I was formed by you, but then, changing your purpose, you gave me up to destruction.
 αἱ χεῖρές σου ἔπλασάν με καὶ ἐποίησάν με μετὰ ταῦτα μεταβαλὼν με ἔπαισας
- 9 Chonje se ou menm ki fè m' ak labou tè wouj. Koulye a, ou pral kraze m' fè m' tounen pousyè?
 O keep in mind that you made me out of earth; and will you send me back again to dust?
 μνήσθητι ὅτι πηλὸν με ἔπλασας εἰς δὲ γῆν με πάλιν ἀποστρέφεις
- 10 Se ou menm ki bay papa m' fòs pou li fè m'. Ou fè m' devlope nan vant manman mwen.
 Was I not drained out like milk, becoming hard like cheese?
 ἦ οὐχ ὥσπερ γάλα με ἡμελξας ἐτύρωσας δέ με ἴσα τυρῶ
- 11 Ou fè tout zo ak tout venn nan kò m'. Ou kouvri yo ak vyann epi ak po.
 By you I was clothed with skin and flesh, and joined together with bones and muscles.
 δέρμα καὶ κρέας με ἐνέδυσας ὀστέοις δὲ καὶ νεύροις με ἐνεῖρας
- 12 Lèfini, ou fè m' kado lavi. Ou veye avèk prekosyon pou m' pa mourì.
 You have been kind to me, and your grace has been with me, and your care has kept my spirit safe.
 ζῶην δὲ καὶ ἔλεος ἔθου παρ' ἐμοῖ ἢ δὲ ἐπισκοπῇ σου ἐφύλαξέν μου τὸ πνεῦμα
- 13 Men, ou te gen yon lòt lide dèyè tèt ou. Koulye a, mwen konnen ou te pare yon lòt bagay pou mwen.
 But you kept these things in the secret of your heart; I am certain this was in your thoughts:
 ταῦτα ἔχων ἐν σεαυτῷ οἶδα ὅτι πάντα δύνασαι ἀδυνατεῖ δέ σοι οὐθέν
- 14 ¶ Ou t'ap veye m' pou wè si m' t'ap fè sa m' pa t' dwe fè. Ou pa t'ap kite anyen pase pou mwen.
 That, if I did wrong, you would take note of it, and would not make me clear from sin:
 ἔάν τε γὰρ ἀμάρτω φυλάσσεις με ἀπὸ δὲ ἀνομίας οὐκ ἀθῶόν με πεποιήκας
- 15 Si m' antò, zafè m' pa bon! Mwen te mèt inonsan, m' pa ka leve tèt devan ou. Mwen wont, se yon pòn malere mwen ye devan ou.
 That, if I was an evil-doer, the curse would come on me; and if I was upright, my head would not be lifted up, being full of shame and overcome with trouble.
 ἔάν τε γὰρ ἀσεβῆς ὃ οἴμμοι ἔάν τε ὃ δίκαιος οὐ δύναμαι ἀνακύβαι πλήρης γὰρ ἀτιμίας εἰμί
- 16 Si m' leve tèt mwen, ou fann dèyè m' tankou yon lyon dèyè bèt pou l' manje. Ou rive fè mirak pou ou ka fè m' lapenn.
 And that if there was cause for pride, you would go after me like a lion; and again put out your wonders against me:
 ἀγρευόμεαι γὰρ ὥσπερ λέων εἰς σφαγὴν πάλιν δὲ μεταβαλὼν δεινῶς με ὀλέκεις
- 17 Ou toujou pare pou fè yon atak sou mwen. Chak jou w'ap vin pi ankòlè. Se san pran souf w'ap voye lafliksyon sou mwen yonn apre lòt.
 That you would send new witnesses against me, increasing your wrath against me, and letting loose new armies on me.
 ἐπανακαινίζων ἐπ' ἐμὲ τὴν ἔτασιν μου ὀργῇ δὲ μεγάλῃ μοι ἐχρήσω ἐπήγαγες δὲ ἐπ' ἐμὲ πειρατήρια
- 18 Bondye, poukisa ou te kite m' sotì nan vant manman m'? Mwen ta mourì anvan pesonn ta wè m'.
 Why then did you make me come out of my mother's body? It would have been better for me to have taken my last breath, and for no eye to have seen me,
 ἵνα τί οὖν ἐκ κοιλίας με ἐξήγαγες καὶ οὐκ ἀπέθανον ὀφθαλμὸς δέ με οὐκ εἶδεν
- 19 Sotì nan vant, ale nan simityè, se tankou si m' pa t' janm fèt.
 And for me to have been as if I had not been; to have been taken from my mother's body straight to my last resting-place.
 καὶ ὥσπερ οὐκ ὦν ἐγενόμην διὰ τί γὰρ ἐκ γαστρὸς εἰς μνήμα οὐκ ἀπηλλάγην
- 20 Mwen pa rete lontan pou m' viv ankò. Kite m' pou kont mwen! Ban m' yon ti kanpo. Kite m' jwi de twa jou ki rete m' yo non!
 Are not the days of my life small in number? Let your eyes be turned away from me, so that I may have a little pleasure,
 ἦ οὐκ ὀλίγος ἐστὶν ὁ χρόνος τοῦ βίου μου ἕασόν με ἀναπαύσασθαι μικρὸν

- 21 Talè konsa mwen prale pou m' pa janm tounen. Mwen prale nan peyi kote ki fè nwa a, kote moun pè a,
Before I go to the place from which I will not come back, to the land where all is dark and black,
πρὸ τοῦ με πορευθῆναι ὅθεν οὐκ ἀναστρέψω εἰς γῆν σκοτεινὴν καὶ γνοφερὰν
- 22 nan peyi kote se fènwa ak dezòd ase ki gen toutan, kote menm gwo lajounen fè nwa tankou lannwit!
A land of thick dark, without order, where the very light is dark.
εἰς γῆν σκότους αἰωνίου οὗ οὐκ ἔστιν φέγγος οὐδὲ ὄραν ζώην βροτῶν
- 1 ¶ Lè sa a, Sofa, moun Naama a, pran lapawòl, li di konsa:
Then Zophar the Naamathite made answer and said,
ὕπολαβὼν δὲ σωφάρ ὁ μιναῖος λέγει
- 2 -Atò pesonn p'ap reponn gwo paladò sa a? Pale anpil pa ka bay moun rezon.
Are all these words to go unanswered? and is a man seen to be right because he is full of talk?
ὁ τὰ πολλὰ λέγων καὶ ἀντακούσεται ἢ καὶ ὁ εὐλαλὸς οἶεται εἶναι δίκαιος εὐλογημένος γεννητὸς γυναικὸς ὀλιγόβιος
- 3 Pa konprann pale anpil ou a ka enpoze moun louvri bouch yo reponn ou. Paske w'ap pase moun nan betiz la, atò yo pa ka fè ou wont?
Are your words of pride to make men keep quiet? and are you to make sport, with no one to put you to shame?
μὴ πολὺς ἐν ῥήμασιν γίνου οὐ γὰρ ἔστιν ὁ ἀντικρινόμενος σοι
- 4 Ou pretann sa ou di a se verite. Pou ou, ou san repwòch devan Bondye!
You may say, My way is clean, and I am free from sin in your eyes.
μὴ γὰρ λέγε ὅτι καθαρός εἰμι τοῖς ἔργοις καὶ ἄμemptos ἐναντίον αὐτοῦ
- 5 Pa pito Bondye ta pale pou l' reponn ou!
But if only God would take up the word, opening his lips in argument with you;
ἀλλὰ πῶς ἂν ὁ κύριος λαλήσῃ πρὸς σέ καὶ ἀνοίξῃ χεῖλῃ αὐτοῦ μετὰ σοῦ
- 6 Li ta fè ou wè gen anpil lòt bagay ou poko konnen, bagay moun pa ka konprann. Lè sa a, ou ta wè Bondye pa fè ou peye pou tou sa ou fè.
And would make clear to you the secrets of wisdom, and the wonders of his purpose!
εἴτα ἀναγγελεῖ σοι δύναμιν σοφίας ὅτι διπλοῦς ἔσται τῶν κατὰ σέ καὶ τότε γνώσῃ ὅτι ἄξιός σοι ἀπέβη ἀπὸ κυρίου ὧν ἡμάρτηκας
- 7 ¶ Ou konprann ou ka konnen sa ki nan kè Bondye, ou ka konnen tout bagay nèt sou Bondye ki gen tout pouvwa a?
Are you able to take God's measure, to make discovery of the limits of the Ruler of all?
ἢ ἔχως κυρίου εὐρήσεις ἢ εἰς τὰ ἔσχατα ἀφίκου ἂ ἐποίησεν ὁ παντοκράτωρ
- 8 Li pi wo pase syèl la. Sa ou ka fè pou sa? Li pi fon pase peyi kote mò yo ye a. Sa ou ka konnen la?
They are higher than heaven; what is there for you to do? deeper than the underworld, and outside your knowledge;
ὕψηλός ὁ οὐρανός καὶ τί ποιήσεις βαθύτερα δὲ τῶν ἐν ἄδου τί οἶδας
- 9 Li pi long pase longè tout tè a. Li pi laj pase lanmè a.
Longer in measure than the earth, and wider than the sea.
ἢ μακρότερα μέτρον γῆς ἢ εὐρους θαλάσσης
- 10 Si Bondye arete ou, li mete ou nan prizon, li trennen ou nan tribinal, ki moun ki ka di l' non?
If he goes on his way, shutting a man up and putting him to death, who may make him go back from his purpose?
ἐὰν δὲ καταστρέψῃ τὰ πάντα τίς ἐρεῖ αὐτῷ τί ἐποίησας
- 11 Bondye konnen tout moun k'ap bay manti. Je l' byen louvri, li wè tout mechanste moun ap fè.
For in his eyes men are as nothing; he sees evil and takes note of it.
αὐτὸς γὰρ οἶδεν ἔργα ἀνόμων ἰδὼν δὲ ἄτοπα οὐ παρόψεται
- 12 Konsa, moun fou va konmanse gen konprann. Bourik sovaj yo va donte.
And so a hollow-minded man will get wisdom, when a young ass of the field gets teaching.
ἄνθρωπος δὲ ἄλλως νήχεται λόγοις βροτὸς δὲ γεννητὸς γυναικὸς ἴσα ὄνω ἐρημίτη

- 13 ¶ Annou wè, monchè! Pran tèt ou! Louvri bra ou devan Bondye.
But if you put your heart right, stretching out your hands to him;
εἰ γὰρ σὺ καθάρῃς ἔθου τὴν καρδίαν σου ὑπτιάζεις δὲ χεῖρας πρὸς αὐτόν
- 14 Sispann fè vye bagay k'ap sal men ou yo. Pa kite mehanste chita lakay ou.
If you put far away the evil of your hands, and let no wrongdoing have a place in your tent;
εἰ ἄνομόν τί ἐστιν ἐν χερσίν σου πόρρω ποιήσον αὐτὸ ἀπὸ σοῦ ἀδικία δὲ ἐν διαίτη σου μὴ ἀύλισθήτω
- 15 Lè sa a, w'a leve tèt ou pou gade moun nan je. W'a byen fèm, ou p'ap pè anyen.
Then truly your face will be lifted up, with no mark of sin, and you will be fixed in your place without fear:
οὕτως γὰρ ἀναλάμψει σου τὸ πρόσωπον ὡσπερ ὕδωρ καθαρὸν ἐκδύση δὲ ῥύπον καὶ οὐ μὴ φοβηθῆς
- 16 W'a bliye lapenn ou yo. Tankou yon inondasyon ki fin pase, ou p'ap chonje yo ankò.
For your sorrow will go from your memory, like waters flowing away:
καὶ τὸν κόπον ἐπιλήση ὡσπερ κύμα παρελθὸν καὶ οὐ πτοηθήση
- 17 Lavi ou pral klere pi bèl pase gwo solèy midi. Move pa yo pral tankou yon douvan jou.
And your life will be brighter than day; though it is dark, it will become like the morning.
ἡ δὲ εὐχὴ σου ὡσπερ ἑωσφόρος ἐκ δὲ μεσημβρίας ἀνατελεῖ σοι ζωὴ
- 18 Ou pral viv san kè sote. Ou p'ap dekouraje. Bondye va pwoteje ou, l'a ba ou kè poze.
And you will be safe because there is hope; after looking round, you will take your rest in quiet;
πεποιθὸς τε ἔση ὅτι ἔστιν σοι ἐλπίς ἐκ δὲ μερίμνης καὶ φροντίδος ἀναφανεῖται σοι εἰρήνη
- 19 Lè w'ap dòmi, pesonn p'ap deranje ou. Anpil moun va vin achte figi ou.
Sleeping with no fear of danger; and men will be desiring to have grace in your eyes;
ἡσυχάσεις γὰρ καὶ οὐκ ἔσται ὁ πολεμῶν σε μεταβαλλόμενοι δὲ πολλοὶ σου δεηθήσονται
- 20 Men, mehan yo ap voye je yo bouske toupatou, yo p'ap jwenn kote pou yo chape kò yo. Sèl espwa yo, se lanmò y'ap tann.
But the eyes of the evil-doers will be wasting away; their way of flight is gone, and their only hope is the taking of their last breath.
σωτηρία δὲ αὐτοῦς ἀπολείψει ἡ γὰρ ἐλπίς αὐτῶν ἀπώλεια ὀφθαλμοὶ δὲ ἀσεβῶν τακῆσονται
- 1 ¶ Jòb pran lapawòl, li di:
And Job made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ ἰωβ λέγει
- 2 -Ara nou k'ap pale pou pèp la! Mouri nou mouri, bon konprann kaba!
No doubt you have knowledge, and wisdom will come to an end with you.
εἶτα ὑμεῖς ἔστε ἄνθρωποι ἢ μεθ' ὑμῶν τελευτήσῃ σοφία
- 3 Men, mwen menm tou, mwen gen lespri menm jan avè nou. Mwen pa pi mal pase nou. Sa nou sot di la a, tout moun konnen l'.
But I have a mind as well as you; I am equal to you: yes, who has not knowledge of such things as these?
κάμοι μὲν καρδία καθ' ὑμᾶς ἐστιν
- 4 Koulye a, menm zanmi m' ap pase m' nan rizib. Y'ap ri m', mwen menm yon moun Bondye pa gen anyen pou l' repwoche, yon moun Bondye te konn reponn lè m' rele l'.
It seems that I am to be as one who is a cause of laughing to his neighbour, one who makes his prayer to God and is answered! the upright man who has done no wrong is to be made sport of!
δίκαιος γὰρ ἀνήρ καὶ ἄμεμπτος ἐγενήθη εἰς χλεύασμα
- 5 Se konsa, moun ki pa nan pwoblèm meprize moun ki nan lafiksyon. Yo wè yon moun k'ap tonbe, yo ba l' bourad fè l' tonbe pi vit.
In the thought of him who is in comfort there is no respect for one who is in trouble; such is the fate of those whose feet are slipping.
εἰς χρόνον γὰρ τακτὸν ἡτοιμάστο πεσεῖν ὑπὸ ἄλλους οἴκους τε αὐτοῦ ἐκπορθεῖσθαι ὑπὸ ἀνόμων
- 6 ¶ Piyajè yo byen trankil lakay yo. Moun k'ap fè Bondye fache yo ap viv alèz. Bondye yo se fòs ponyèt yo.
There is wealth in the tents of those who make destruction, and those by whom God is moved to wrath are safe; even those whose god is their strength.
οὐ μὴν δὲ ἀλλὰ μηδεὶς πεποιθέτω πονηρὸς ὢν ἀθῶος ἔσεσθαι ὅσοι παροργίζουσιν τὸν κύριον ὡς οὐχὶ καὶ ἔτασις αὐτῶν ἔσται

- 7 Manyè fè ti koze ak zannimo yo, ak zwezo yo. Yo gen anpil bagay pou yo moutre nou.
But put now a question to the beasts, and get teaching from them; or to the birds of the heaven, and they will make it clear to you;
ἀλλὰ δὴ ἐπερώτησον τετράποδα ἐάν σοι εἴπωσιν πετεινὰ δὲ οὐρανοῦ ἐάν σοι ἀπαγγείλωσιν
- 8 Bèt k'ap tremmen sou vant va ban nou leson, pwason nan lanmè va di nou sa yo konnen.
Or to the things which go flat on the earth, and they will give you wisdom; and the fishes of the sea will give you news of it.
ἐκδιήγησαι δὲ γῆ ἐάν σοι φράση καὶ ἐξηγήσονται σοι οἱ ἰχθύες τῆς θαλάσσης
- 9 Pa gen yonn ladan yo ki pa konnen se Bondye ki fè tout bagay ak men li.
Who does not see by all these that the hand of the Lord has done this?
τίς οὐκ ἔγνω ἐν πᾶσι τούτοις ὅτι χεὶρ κυρίου ἐποίησεν ταῦτα
- 10 Bondye gen nanm tout sa ki vivan nan men li. Wi, lavi tout moun nan men li.
In whose hand is the soul of every living thing, and the breath of all flesh of man.
εἰ μὴ ἐν χειρὶ αὐτοῦ ψυχή πάντων τῶν ζώντων καὶ πνεῦμα παντὸς ἀνθρώπου
- 11 Bèl pawòl fè plezi zòrèy menm jan bon manje gou nan bouch.
Are not words tested by the ear, even as food is tasted by the mouth?
οὓς μὲν γὰρ ῥήματα διακρίνει λάρυγξ δὲ σίτα γεύεται
- 12 ¶ Yo di se vye granmoun ki gen konnesans, se laj ki bay bon konprann.
Old men have wisdom, and a long life gives knowledge.
ἐν πολλῷ χρόνῳ σοφία ἐν δὲ πολλῷ βίῳ ἐπιστήμη
- 13 Men, Bondye gen konnesans, lèfini li gen pouvwa. Li gen bon konprann, lèfini li fè sa li vle.
With him there is wisdom and strength; power and knowledge are his.
παρ' αὐτῷ σοφία καὶ δύναμις αὐτῷ βουλή καὶ σύνεσις
- 14 Lè Bondye kraze yon bagay, pesonn pa ka refè l'. Lè li mete yon moun nan prizon, pesonn pa ka lage l'.
Truly, there is no building up of what is pulled down by him; when a man is shut up by him, no one may let him loose.
ἐὰν καταβάλη τίς οἰκοδομήσει ἐὰν κλείσῃ κατὰ ἀνθρώπων τίς ἀνοίξει
- 15 Lè li pa bay lapli, sèk tonbe sou latè. Lè li bay lapli, dlo fè dega toupatou.
Truly, he keeps back the waters and they are dry; he sends them out and the earth is overturned.
ἐὰν κωλύσῃ τὸ ὄδιον ξηρανεῖ τὴν γῆν ἐὰν δὲ ἐπαφῇ ἀπόλεσεν αὐτὴν καταστρέψας
- 16 Bondye gen fòs, li konn sa l'ap fè. Ni moun k'ap bay manti, ni moun k'ap pran manti, se anba ponyèt li yo ye.
With him are strength and wise designs; he who is guided into error, together with his guide, are in his hands;
παρ' αὐτῷ κράτος καὶ ἰσχύς αὐτῷ ἐπιστήμη καὶ σύνεσις
- 17 Li fè moun k'ap bay konsèy yo pèdi tèt yo. Li fè chèf yo aji tankou moun fou.
He takes away the wisdom of the wise guides, and makes judges foolish;
διάγων βουλευτὰς αἰχμαλώτους κριτὰς δὲ γῆς ἐξέστησεν
- 18 Li wete tout pouvwa nan men wa yo. Li mare yon tanga nan ren yo jete yo nan prizon.
He undoes the chains of kings, and puts his band on them;
καθιζάνων βασιλεῖς ἐπὶ θρόνους καὶ περιέδησεν ζώνη ὀσφύας αὐτῶν
- 19 Li fè prèt yo mache pye atè. Li mete gwo zotobre atè!
He makes priests prisoners, overturning those in safe positions;
ἐξαποστέλλων ἱερεῖς αἰχμαλώτους δυνάστας δὲ γῆς κατέστρεψεν
- 20 Li fèmen bouch moun k'ap bay bon konsèy. Li fè granmoun yo depale.
He makes the words of responsible persons without effect, and takes away the good sense of the old;
διαλλάσσειν χεῖλη πιστῶν σύνεσιν δὲ πρεσβυτέρων ἔγνω

- 21 Li fè pase grannèg yo nan betiz. Li wete pouvwa gwo chèf yo nan men yo.
He puts shame on chiefs, and takes away the power of the strong;
ἐκχέων ἀτιμίαν ἐπ' ἄρχοντας ταπεινοῦς δὲ ἰάσατο
- 22 Li klere twou fon kote ki fè nwa a, li mete twou lanmò a aklè.
Uncovering deep things out of the dark, and making the deep shade bright;
ἀνακαλύπτων βαθέα ἐκ σκότους ἐξήγαγεν δὲ εἰς φῶς σκιὰν θανάτου
- 23 Li fè nasyon yo fè pwogrè, lèfini, li fè yo deperi. Li fè yon pèp pran elan, lèfini, li fè l' disparèt.
Increasing nations, and sending destruction on them; making wide the lands of peoples, and then giving them up.
πλανῶν ἔθνη καὶ ἀπολλύων αὐτὰ καταστρωννύων ἔθνη καὶ καθοδηγῶν αὐτὰ
- 24 Li fè chèf pèp yo pèdi tèt yo, li fè yo moute desann nan dezè, san yo pa konn kote yo prale.
He takes away the wisdom of the rulers of the earth, and sends them wandering in a waste where there is no way.
διαλλάσσω καρδίας ἀρχόντων γῆς ἐπλάνησεν δὲ αὐτοῦς ὁδῶ ἧ οὐκ ᾔδεισαν
- 25 Y'ap tatonnen nan fènwa, y'ap titibe tankou moun sou.
They go feeling about in the dark without light, wandering without help like those overcome with wine.
ψηλαφήσασαν σκότος καὶ μὴ φῶς πλανηθείησαν δὲ ὥσπερ ὁ μεθύων
- 1 ¶ Wi, mwen wè tou sa ak de je m'. Mwen tande tou sa ak de zòrèy mwen epi mwen konprann.
Truly, my eye has seen all this, word of it has come to my ear, and I have knowledge of it.
ἰδοὺ ταῦτα ἐώρακέν μου ὁ ὀφθαλμὸς καὶ ἀκήκοέν μου τὸ οὖς
- 2 Sa nou konnen an, mwen konnen l' tou. M' pa pi sèt pase nou.
The same things are in my mind as in yours; I am equal to you.
καὶ οἶδα ὅσα καὶ ὑμεῖς ἐπίστασθε καὶ οὐκ ἄσυνετώτερός εἰμι ὑμῶν
- 3 Men, mwen menm, se ak Bondye ki gen tout pouvwa m' annafè. Se avè l' mwen vle pale pou m' defann kòz mwen.
But I would have talk with the Ruler of all, and my desire is to have an argument with God.
οὐ μὴν δὲ ἄλλ' ἐγὼ πρὸς κύριον λαλήσω ἐλέγξω δὲ ἐναντίον αὐτοῦ ἐὰν βούληται
- 4 Nou menm, kote nou pa konnen nou bay manti. Nou tankou dòktè ki pa janm geri pyès moun.
But you put a false face on things; all your attempts to put things right are of no value.
ὑμεῖς δὲ ἐστε ἰατροὶ ἄδικοι καὶ ἰατὰὶ κακῶν πάντες
- 5 Pito nou pe bouch nou! Lè sa a, n'a pase pou moun ki gen bon konprann.
If only you would keep quiet, it would be a sign of wisdom!
εἴη δὲ ὑμῖν κωφεῦσαι καὶ ἀποβήσεται ὑμῖν εἰς σοφίαν
- 6 Koute sa mwen gen sou kè m'. Louvri zòrèy nou pou n' tande jan m' pral plede kòz mwen.
Give ear to the argument of my mouth, and take note of the words of my lips.
ἀκούσατε ἔλεγχον στόματός μου κρίσιν δὲ χειλέων μου προσέχετε
- 7 Se defann nou vle defann Bondye kifè n'ap bay tout manti sa yo, kifè n'ap pale kwochi konsa?
Will you say in God's name what is not right, and put false words into his mouth?
πότερον οὐκ ἐναντι κυρίου λαλεῖτε ἐναντι δὲ αὐτοῦ φθέγγεσθε δόλον
- 8 Se pou li n'ap pran? Se kòz li nou ranmase?
Will you have respect for God's person in this cause, and put yourselves forward as his supporters?
ἧ ὑποστελεῖσθε ὑμεῖς δὲ αὐτοὶ κριταὶ γένεσθε
- 9 Pou li, li ta bon pou nou si li t'ap chache konnen sa nou gen nan fon kè nou! Pa konprann nou ka woule Bondye tankou nou woule moun!
Will it be good for you to be searched out by him, or have you the thought that he may be guided into error like a man?
καλὸν γε ἐὰν ἐξιχνιάσῃ ὑμᾶς εἰ γὰρ τὰ πάντα ποιοῦντες προστεθήσεσθε αὐτῷ

- 10 Li ta regle nou byen regle, paske li ta tou wè se figi l' n'ap achte anba chal.
He will certainly put you right, if you have respect for persons in secret.
οὐθὲν ἤττον ἐλέγξει ὑμᾶς εἰ δὲ καὶ κρυφῆ πρόσωπα θαυμάσετε
- 11 Nou pa pè gwo pouwva Bondye a? Nou pa pè li kraze nou?
Will not his glory put you in fear, so that your hearts will be overcome before him?
πότερον οὐχὶ δεινὰ αὐτοῦ στροβήσει ὑμᾶς φόβος δὲ παρ' αὐτοῦ ἐπιτεσεῖται ὑμῖν
- 12 Bèl pawòl nou yo pa gen plis valè pase pousyè tè. Repons n'ap ban mwen yo pa kenbe, yo tankou miray sab.
Your wise sayings are only dust, and your strong places are only earth.
ἀποβήσεται δὲ ὑμῶν τὸ ἀγαυρίαμα ἴσα σποδῶ τὸ δὲ σῶμα πῆλινον
- 13 ¶ Koulye a, pe bouch nou! Ban m' yon chans pou m' pale. Sa ki pou rive a te mèt rive!
Keep quiet, and let me say what is in my mind, whatever may come to me.
κωφεύσατε ἵνα λαλήσω καὶ ἀναπαύσωμαι θυμοῦ
- 14 Mwen mèt mouri! Zafè! M' mare ren m', m' sere dan m'!
I will take my flesh in my teeth, and put my life in my hand.
ἀναλαβὼν τὰς σάρκας μου τοῖς ὀδοῦσιν ψυχὴν δέ μου θήσω ἐν χειρὶ
- 15 Bondye te mèt touye m'. Sèl chans mwen se pou m' esplike avè l'.
Truly, he will put an end to me; I have no hope; but I will not give way in argument before him;
ἐάν με χειρώσῃται ὁ δυνάστης ἐπεὶ καὶ ἤρκαται ἡ μὴν λαλήσω καὶ ἐλέγξω ἐναντίον αὐτοῦ
- 16 Nou pa janm konnen, se sa ki ka sove m', paske moun ki fè mal pa ka parèt devan Bondye.
And that will be my salvation, for an evil-doer would not come before him,
καὶ τοῦτό μοι ἀποβήσεται εἰς σωτηρίαν οὐ γὰρ ἐναντίον αὐτοῦ δόλος εἰσελεύσεται
- 17 Koute byen sa m' pral di la a. Louvri zòrèy nou pou n' tande deklarasyon mwen.
Give ear with care to my words, and keep what I say in your minds.
ἀκούσατε ἀκούσατε τὰ ῥήματά μου ἀναγγελῶ γὰρ ὑμῶν ἀκούοντων
- 18 M' pare pou m' defann kòz mwen, paske mwen konnen mwen nan dwa m'.
See now, I have put my cause in order, and I am certain that I will be seen to be right.
ἰδοὺ ἐγὼ ἐγγύς εἰμι τοῦ κρίματός μου οἶδα ἐγὼ ὅτι δίκαιος ἀναφανοῦμαι
- 19 Bondye, èske se ou ki pral plede avè m'? M' tou pare pou m' pe bouch mwen, pou m' asepte lanmò m'.
Is any one able to take up the argument against me? If so, I would keep quiet and give up my breath.
τίς γὰρ ἐστὶν ὁ κριθησόμενός μοι ὅτι νῦν κωφεύσω καὶ ἐκλείψω
- 20 De sèl ti chans ase m'ap mande ou. Apre sa, m' p'ap kache pou ou ankò.
Only two things do not do to me, then I will come before your face:
δύειν δέ μοι χρήση τότε ἀπὸ τοῦ προσώπου σου οὐ κρυβήσομαι
- 21 Sispann leve men ou sou mwen. Sispann fè m' pè tout pè sa a.
Take your hand far away from me; and let me not be overcome by fear of you.
τὴν χεῖρα ἀπ' ἐμοῦ ἀπέχου καὶ ὁ φόβος σου μὴ με καταπλησέτω
- 22 Ou mèt pale anvan, m'a reponn ou. Osinon, kite m' pale anvan, w'a reponn mwen.
Then at the sound of your voice I will give answer; or let me put forward my cause for you to give me an answer.
εἶτα καλέσεις ἐγὼ δέ σοι ὑπακούσομαι ἢ λαλήσεις ἐγὼ δέ σοι δώσω ἀνταπόκρισιν
- 23 ¶ Konbe peche, konbe bagay mal mwen fè? Kisa m' fè mwen pa t' dwe fè? Kisa m' fè ki mal?
What is the number of my evil-doings and my sins? give me knowledge of them.
πόσαι εἰσὶν αἱ ἁμαρτίαι μου καὶ αἱ ἀνομίαι μου δίδαξόν με τίνας εἰσὶν

- 24 Poukisa w'ap kache pou mwen konsa? Poukisa ou fè tankou si se lènmi ou mwen ye?
 Why is your face veiled from me, as if I was numbered among your haters?
 διὰ τί ἀπ' ἐμοῦ κρύπτη ἤγησαι δέ με ὑπεναντίον σου
- 25 Poukisa w'ap chache fè m' pè? Poukisa ou leve dèyè m' konsa? M' tou fini, m' tankou fèy bwa, tankou pay chèch van ap pote ale.
 Will you be hard on a leaf in flight before the wind? will you make a dry stem go more quickly on its way?
 ἢ ὡς φύλλον κινούμενον ὑπὸ ἀνέμου εὐλαβηθήσῃ ἢ ὡς χόρτω φερομένῳ ὑπὸ πνεύματος ἀντίκεισαί μοι
- 26 W'ap akize m' yon bann bagay k'ap fè m' mal. W'ap fè m' peye tou sa m' te fè lè m' te jenn gason.
 For you put bitter things on record against me, and send punishment on me for the sins of my early years;
 ὅτι κατέγραψας κατ' ἐμοῦ κακά περιέθηκας δέ μοι νεότητος ἀμαρτίας
- 27 Ou mete pye m' nan sèp. Ou veye tout vire tounen m'. Ou gade tout kote m'ap mete pye m'.
 And you put chains on my feet, watching all my ways, and making a limit for my steps;
 ἔθου δέ μου τὸν πόδα ἐν κωλύματι ἐφύλαξας δέ μου πάντα τὰ ἔργα εἰς δὲ ρίζας τῶν ποδῶν μου ἀφίκου
- 28 M'ap dekale tankou bwa pouri, tankou rad sizo ap manje.
 Though a man comes to nothing like a bit of dead wood, or like a robe which has become food for the worm.
 ὁ παλαιῶται ἴσα ἀσκῶ ἢ ὥσπερ ἱμάτιον σιτόβρωτον
- 1 ¶ Nou menm moun, se nan vant fanm nou soti. Lavi nou kout, men li pa manke traka!
 As for man, the son of woman, his days are short and full of trouble.
 βροτὸς γὰρ γεννητὸς γυναικὸς ὀλιγόβιος καὶ πλήρης ὀργῆς
- 2 Nou parèt tankou yon flè. Epi lamenn nou fennen. Nou disparèt tankou yon nwaj k'ap pase.
 He comes out like a flower, and is cut down: he goes in flight like a shade, and is never seen again.
 ἢ ὥσπερ ἄνθος ἀνθήσας ἐξέπεσεν ἀπέδρα δὲ ὥσπερ σκιά καὶ οὐ μὴ στηῖ
- 3 Epi, Bondye, se sa w'ap louvri je ou gade. Se sa w'ap fè kanpe devan ou pou jije l'?'
 Is it on such a one as this that your eyes are fixed, with the purpose of judging him?
 οὐχὶ καὶ τούτου λόγον ἐποίησώ καὶ τούτον ἐποίησας εἰσελθεῖν ἐν κρίματι ἐνώπιόν σου
- 4 Ki moun ki ka fè dlo pwòp soti nan yon sous sa? Pesonn moun.
 If only a clean thing might come out of an unclean! But it is not possible.
 τίς γὰρ καθαρὸς ἔσται ἀπὸ ρύπου ἀλλ' οὐθεὶς
- 5 Tan chak moun gen pou l' viv la fikse deja depi lontan. Kantite mwa li gen pou l' viv la, se nan men ou sa rete. Anyen pa ka chanje.
 If his days are ordered, and you have knowledge of the number of his months, having given him a fixed limit past which he may not go;
 ἐὰν καὶ μία ἡμέρα ὁ βίος αὐτοῦ ἐπὶ τῆς γῆς ἀριθμητοὶ δὲ μῆνες αὐτοῦ παρὰ σοί εἰς χρόνον ἔθου καὶ οὐ μὴ ὑπερβῆ
- 6 Tanpri, wete je ou sou mwen. Kite m' pran yon ti souf. Tankou moun ki fin pase yon jounen ap travay di, kite m' pran yon ti kanpo.
 Let your eyes be turned away from him, and take your hand from him, so that he may have pleasure at the end of his day, like a servant working for payment.
 ἀπόστα ἀπ' αὐτοῦ ἵνα ἡσυχάσῃ καὶ εὐδοκῆσῃ τὸν βίον ὥσπερ ὁ μισθωτὸς
- 7 ¶ Toujou gen yon ti espwa pou yon pyebwa. Yo te mèt koupe l', l'ap toujou pouse ankò, li p'ap mourì.
 For there is hope of a tree; if it is cut down, it will come to life again, and its branches will not come to an end.
 ἔστιν γὰρ δένδρον ἐλπίς ἐὰν γὰρ ἐκκοπῆ ἔτι ἐπανθήσει καὶ ὁ ῥάδαμος αὐτοῦ οὐ μὴ ἐκλίπῃ
- 8 Rasin li yo te mèt fin vye nan tè a, bout chouk la te mèt fin chèch,
 Though its root may be old in the earth, and its cut-off end may be dead in the dust;
 ἐὰν γὰρ γηράσῃ ἐν γῆ ἢ ρίζα αὐτοῦ ἐν δὲ πέτρᾳ τελευτήσῃ τὸ στέλεχος αὐτοῦ
- 9 depi li jwenn dlo, l'ap boujonnen, l'ap pouse kreyòl.
 Still, at the smell of water, it will make buds, and put out branches like a young plant.
 ἀπὸ ὀσμῆς ὕδατος ἀνθήσει ποιήσει δὲ θερισμὸν ὥσπερ νεόφυτον

- 10 Men moun, depi yo mouri, yo tounen kadav. Lè yo kase kòd, ou pa wè kote yo fè.
But man comes to his death and is gone: he gives up his spirit, and where is he?
άνηρ δὲ τελευτήσας ὄχετο πεισὼν δὲ βροτὸς οὐκέτι ἔστιν
- 11 Letan ka cheche, larivyè ka sispann koule.
The waters go from a pool, and a river becomes waste and dry;
χρόνῳ γὰρ σπανίζεται θάλασσα ποταμὸς δὲ ἐρημωθείς ἐξηράνθη
- 12 Men, kote yon moun mouri kouche a, pa gen leve pou li ankò. Poul va fè dan anvan y'a leve vivan ankò, anvan y'a leve soti nan dòmi yo a.
So man goes down to his last resting-place and comes not again: till the heavens come to an end, they will not be awake or come out of their sleep.
άνθρωπος δὲ κοιμηθεὶς οὐ μὴ ἀναστῆ ἕως ἂν ὁ οὐρανὸς οὐ μὴ συρραφῆ και οὐκ ἐξυπνισθήσονται ἐξ ὑπνου αὐτῶν
- 13 Si sèlman ou ta vle kache m' nan peyi kote mò yo ye a? Si ou te ka kite m' la jouk kòlè ou la fin pase? Apre sa, ou ta fikse yon dat pou chonje m' ankò.
If only you would keep me safe in the underworld, putting me in a secret place till your wrath is past, giving me a fixed time when I might come to your memory again!
εἰ γὰρ ὄφελον ἐν ἄδῃ με ἐφύλαξας ἔκρυψας δέ με ἕως ἂν παύσηταί σου ἡ ὀργή και τάξι μοι χρόνον ἐν ᾧ μνείαν μου ποιήσῃ
- 14 Men, sa m'ap di la a? Eske moun mouri ka leve? Sa pa fè anyen. Mwen ta tann move tan sa a fin pase, jouk sa ta bon pou mwen ankò.
If death takes a man, will he come to life again? All the days of my trouble I would be waiting, till the time came for me to be free.
ἐὰν γὰρ ἀποθάνῃ ἄνθρωπος ζήσεται συντελέσας ἡμέρας τοῦ βίου αὐτοῦ ὑπομενῶ ἕως ἂν ἄλιν γένομαι
- 15 Lè sa a, ou ta rele m', mwen ta reponn ou. Ou ta kontan wè sa ou te fè ak men ou lan.
At the sound of your voice I would give an answer, and you would have a desire for the work of your hands.
εἶτα καλέσεις ἐγὼ δὲ σοι ὑπακούσομαι τὰ δὲ ἔργα τῶν χειρῶν σου μὴ ἀποποιῶ
- 16 ¶ Lè sa a, ou ta gade jan m'ap mache a, men, ou pa ta chonje sa m' te konn fè ki mal.
For now my steps are numbered by you, and my sin is not overlooked.
ἡρίθμησας δέ μου τὰ ἐπιτηδεύματα και οὐ μὴ παρέλθῃ σε οὐδὲν τῶν ἁμαρτιῶν μου
- 17 Ou ta padonnen m' peche m' yo, ou ta mare yo tout fè yon pakèt voye jete.
My wrongdoing is corded up in a bag, and my sin is shut up safe.
ἐσφράγισας δέ μου τὰς ἀνομίας ἐν βαλλαντίῳ ἐπεσημήνω δὲ εἶ τι ἄκων παρέβην
- 18 Rive yon lè se pou mòn yo anfale, se pou wòch yo woule desann.
But truly a mountain falling comes to dust, and a rock is moved from its place;
και πλὴν ὄρος πίπτον διαπυρρῆται και πέτρα παλαιωθήσεται ἐκ τοῦ τόπου αὐτῆς
- 19 Rive yon lè dlo ap fin manje wòch yo, lapli ap fin bwote tout tè a desann. Konsa tou, rive yon lè ou wete tout espwa nan kè moun.
The stones are crushed small by the force of the waters; the dust of the earth is washed away by their overflowing; and so you put an end to the hope of man.
λίθους ἐλέαναν ὕδατα και κατέκλυσεν ὕδατα ὕπτια τοῦ χόματος τῆς γῆς και ὑπομονὴν ἀνθρώπου ἀπόλεσας
- 20 Ou kraze yo nèt anba men ou, epì yo mouri. Ou fè moun pa ka rekonèt yo, epì ou voye yo ale.
You overcome him for ever, and he is gone; his face is changed in death, and you send him away.
ὄσας αὐτὸν εἰς τέλος και ὄχετο ἐπέστησας αὐτῷ τὸ πρόσωπον και ἐξαπέστειλας
- 21 Moun fè lwanj pitit mò yo, men mò yo menm yo pa konn anyen. Moun pase yo nan betiz, men yo menm, sa pa di yo anyen.
His sons come to honour, and he has no knowledge of it; they are made low, but he is not conscious of it.
πολλῶν δὲ γενομένων τῶν υἱῶν αὐτοῦ οὐκ οἶδεν ἐὰν δὲ ὀλίγοι γέγονται οὐκ ἐπίσταται
- 22 Yon sèl soufrans yo santi se sa k'ap manje yo nan tout kò yo a. Se pou tèt pa yo ase y'ap plenyen!
Only his flesh still has pain, and his soul is sad.
ἀλλ' ἡ αἰ σάρκες αὐτοῦ ἤλγησαν ἡ δὲ ψυχὴ αὐτοῦ ἐπένησεν
- 1 ¶ Fwa sa a, Elifaz, moun lavil Teman an, pran lapawòl ankò, li di konsa:
And Eliphaz the Temanite made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ ελιφας ὁ θαιμανίτης λέγει

- 2 -Lè you moun gen bon konprann, se pa avèk pawòl anlè pou li reponn. Li p'ap chita ap fè jazè.
Will a wise man make answer with knowledge of no value, or will he give birth to the east wind?
πότερον σοφὸς ἀπόκρισιν δώσει συνέσεως πνεύματος καὶ ἐνέπλησεν πόνον γαστρὸς
- 3 Li p'ap rete ap defann tèt li ak mo ki pa vle di anyen, ak bèl diskou ki pa sèvi anyen.
Will he make arguments with words in which is no profit, and with sayings which have no value?
ἐλέγχων ἐν ῥήμασιν οἷς οὐ δεῖ ἐν λόγοις οἷς οὐδὲν ὄφελος
- 4 Ou menm menm, ou al pi lwen. Dapre sa ou di la a, moun pa bezwen gen krentif pou Bondye ankò. Pa gen nesite pou moun lapriyè Bondye.
Truly, you make the fear of God without effect, so that the time of quiet worship before God is made less by your outcry.
οὐ καὶ σὺ ἀπεποιήσω φόβον συνετελέσω δὲ ῥήματα τοιαῦτα ἐναντι τοῦ κυρίου
- 5 Jan ou pale a, yo wè ou se you moun ki mechan nan fon kè ou. Ou pale tankou moun k'ap kache you bagay.
For your mouth is guided by your sin, and you have taken the tongue of the false for yourself.
ἐνοχος εἶ ῥήμασιν στόματός σου οὐδὲ διέκρινας ῥήματα δυναστῶν
- 6 Se bouch ou menm k'ap kondann ou. Se pa mwen. Se pawòl nan bouch ou menm k'ap fini avè ou.
It is by your mouth, even yours, that you are judged to be in the wrong, and not by me; and your lips give witness against you.
ἐλέγξαι σε τὸ σὸν στόμα καὶ μὴ ἐγὼ τὰ δὲ χεῖλη σου καταμαρτυρήσουσίν σου
- 7 Manyè di m' non: Eske se ou menm premye moun Bondye te fè? Eske ou te fèt anvan tout mòn yo?
Were you the first man to come into the world? or did you come into being before the hills?
τί γὰρ μὴ πρῶτος ἀνθρώπων ἐγενήθης ἢ πρὸ θινῶν ἐπάγης
- 8 Eske ou te la lè Bondye t'ap fè plan travay li, kifè ou konnen pase tout moun?
Were you present at the secret meeting of God? and have you taken all wisdom for yourself?
ἢ σύνταγμα κυρίου ἀκήκοας εἰς δὲ σὲ ἀφίκετο σοφία
- 9 Kisa ou konnen nou menm nou pa konnen? Kisa ou konprann nou menm nou pa ka konprann?
What knowledge have you which we have not? is there anything in your mind which is not in ours?
τί γὰρ οἶδας ὃ οὐκ οἶδαμεν ἢ τί συνίεις ὃ οὐχὶ καὶ ἡμεῖς
- 10 Se nan bouch granmoun lontan, granmoun cheve blan ki pi gran pase papa ou nou pran tout konnesans pa nou.
With us are men who are grey-haired and full of years, much older than your father.
καὶ γε πρεσβύτερος καὶ γε παλαιὸς ἐν ἡμῖν βαρύτερος τοῦ πατρὸς σου ἡμέραις
- 11 Poukisa ou pa asepte ankourajman Bondye voye ba ou a? Poukisa ou pa koute nou? N'ap pale byen dousman avè ou la a.
Are the comforts of God not enough for you, and the gentle word which was said to you?
ὀλίγα ὦν ἡμάρτηκας μεμαστίγωσαι μεγάλως ὑπερβαλλόντως λελάληκας
- 12 Men, gade jan ou move! W'ap louvri je ou sou nou!
Why is your heart uncontrolled, and why are your eyes lifted up;
τί ἐτόλμησεν ἡ καρδία σου ἢ τί ἐπήνεγκαν οἱ ὀφθαλμοί σου
- 13 W'ap pase kòlè ou sou Bondye. W'ap plede joure l'.
So that you are turning your spirit against God, and letting such words go out of your mouth?
ὅτι θυμὸν ἔρρηξας ἐναντι κυρίου ἐξήγαγες δὲ ἐκ στόματος ῥήματα τοιαῦτα
- 14 Ki jan ou ta vle pou moun san repwòch devan Bondye? Pou moun ki sot nan vant fanm gen rezon devan Bondye?
What is man, that he may be clean? and how may the son of woman be upright?
τίς γὰρ ὦν βροτὸς ὅτι ἔσται ἄμεμπτος ἢ ὡς ἐσόμενος δίκαιος γεννητὸς γυναικὸς
- 15 Ata zanj li yo, Bondye pa fè yo konfyans. Yo menm tou yo pa fin bon nèt nan je l'.
Truly, he puts no faith in his holy ones, and the heavens are not clean in his eyes;
εἰ κατὰ ἀγίων οὐ πιστεύει οὐρανὸς δὲ οὐ καθαρὸς ἐναντίον αὐτοῦ

- 16 Ale wè atò pou moun, ki pèvèti, ki pa vo anyen, ki fè mechanste tankou yo bwè dlo!
How much less one who is disgusting and unclean, a man who takes in evil like water!
ἔα δὲ ἐβδελυγμένος καὶ ἀκάθαρτος ἀνὴρ πίνων ἀδικίας ἴσα ποτῶ
- 17 ¶ Koulye a, Jòb, koute m'. Kite m' espliké avè ou! Mwen pral di ou sa mwen menm mwen wè.
Take note and give ear to my words; and I will say what I have seen:
ἀναγγελῶ δέ σοι ἄκουέ μου ἃ δὴ εἶώρακα ἀναγγελῶ σοι
- 18 Moun ki gen bon konprann moutre m' anpil verite. Yo pa t' kache m' anyen. Yo menm, se nan bouch granmoun lontan yo te pran l'.
(The things which wise men have got from their fathers, and have not kept secret from us;
ἃ σοφοὶ ἐροῦσιν καὶ οὐκ ἔκρυψαν πατέρας αὐτῶν
- 19 Granmoun sa yo t'ap viv nan peyi Bondye te ba yo pou yo menm ase, san ankenn moun lòt nasyon pa t' mele ak yo.
For only to them was the land given, and no strange people were among them:)
αὐτοῖς μόνοις ἐδόθη ἡ γῆ καὶ οὐκ ἐπῆλθεν ἀλλογενῆς ἐπ' αὐτούς
- 20 Mechan yo pase tout lavi yo nan tèt chaje. Moun k'ap plede maltrete parèy yo p'ap viv lontan.
The evil man is in pain all his days, and the number of the years stored up for the cruel is small.
πᾶς ὁ βίος ἀσεβοῦς ἐν φροντίδι ἔτη δὲ ἀριθμητὰ δεδομένα δυνάστη
- 21 Rèl moun k'ap soufri yo ap kònen nan zòrèy yo. Lè zafè yo pi bon, se lè sa a vòlè tonbe sou yo.
A sound of fear is in his ears; in time of peace destruction will come on him:
ὁ δὲ φόβος αὐτοῦ ἐν ὦσιν αὐτοῦ ὅταν δοκῆ ἤδη εἰρηνεύειν ἤξει αὐτοῦ ἡ καταστροφή
- 22 Yo pa gen espwa chape nan fènwa a, paske manchèt pare ap tann yo.
He has no hope of coming safe out of the dark, and his fate will be the sword;
μὴ πιστευέτω ἀποστραφῆναι ἀπὸ σκότους ἐντέταλται γὰρ ἤδη εἰς χεῖρας σιδήρου
- 23 Y'ap kouri adwat agoch, y'ap chache manje. Yo konnen wè pa wè y'ap pran yo.
He is wandering about in search of bread, saying, Where is it? and he is certain that the day of trouble is ready for him:
κατατέτακται δὲ εἰς σῖτα γυψὶν οἶδεν δὲ ἐν ἑαυτῷ ὅτι μένει εἰς πτόμα ἡμέρα δὲ αὐτὸν σκοτεινὴ στροβίσει
- 24 Lanmò fè yo pè. Malè ak lafliksyon ap tonbe sou yo tankou yon wa ki tou pare pou batay.
He is greatly in fear of the dark day, trouble and pain overcome him:
ἀνάγκη δὲ καὶ θλίψις αὐτὸν καθέξει ὥσπερ στρατηγὸς πρωτοστάτης πίπτων
- 25 Men sa k'ap tann moun k'ap lonje men nan figi Bondye, moun ki pa pè kenbe tèt ak Bondye.
Because his hand is stretched out against God, and his heart is lifted up against the Ruler of all,
ὅτι ἦρκεν χεῖρας ἐναντίον τοῦ κυρίου ἐναντι δὲ κυρίου παντοκράτορος ἐτραχηλίασεν
- 26 Yo kache dèyè pwotèj anfe yo epi yo fonce sou Bondye.
Running against him like a man of war, covered by his thick breastplate; even like a king ready for the fight,
ἔδραμεν δὲ ἐναντίον αὐτοῦ ὕβρει ἐν πάχει νότου ἀσπίδος αὐτοῦ
- 27 Figi yo gra kou chat. Men gwo vant yo ak grès!
Because his face is covered with fat, and his body has become thick;
ὅτι ἐκάλυψεν τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἐν στέατι αὐτοῦ καὶ ἐποίησεν περιστόμιον ἐπὶ τῶν μηρίων
- 28 Yo rete nan lavil ki fin kraze, nan kay moun kouri kite, kay ki fin tounen mazi.
And he has made his resting-place in the towns which have been pulled down, in houses where no man had a right to be, whose fate was to become masses of broken walls.
ἀύλισθειν δὲ πόλεις ἐρήμους εἰσελθεῖν δὲ εἰς οἴκους ἀουκήτους ἃ δὲ ἐκεῖνοι ἠτοίμασαν ἄλλοι ἀποίσονται
- 29 Yo p'ap janm rich toutan. Sa yo genyen an la pou yon tan. Menm lonbray yo ap disparèt.
He does not get wealth for himself, and is unable to keep what he has got; the heads of his grain are not bent down to the earth.
οὔτε μὴ πλουτισθῆ οὔτε μὴ μείνη αὐτοῦ τὰ ὑπάρχοντα οὐ μὴ βάλῃ ἐπὶ τὴν γῆν σκιάν

- 30 Yo p'ap ka kouri pou fènwa a. Y'ap tankou yon pyebwa dife boule tout branch li yo epi van bwote tout flè l' yo ale.
He does not come out of the dark; his branches are burned by the flame, and the wind takes away his bud.
οὐδὲ μὴ ἐκφύγη τὸ σκότος τὸν βλαστὸν αὐτοῦ μαράναι ἄνεμος ἐκπέσει δὲ αὐτοῦ τὸ ἄνθος
- 31 Yo pa bezwen konte sou pozisyon yo. Nou konnen sa p'ap sèvi yo anyen.
Let him not put his hope in what is false, falling into error: for he will get deceit as his reward.
μὴ πιστευέτω ὅτι ὑπομενεῖ κενὰ γὰρ ἀποβήσεται αὐτῷ
- 32 Anvan yo donnèn, branch yo ap fennen. boujon yo p'ap pouse fèy ankò.
His branch is cut off before its time, and his leaf is no longer green.
ἡ τομὴ αὐτοῦ πρὸ ὥρας φθαρήσεται καὶ ὁ ῥάδαμνος αὐτοῦ οὐ μὴ πυκάσῃ
- 33 Y'ap tankou yon pye rezen ki pèdi tout grap rezen vèt yo, tankou yon pye oliv ki pèdi tout flè l'.
He is like a vine whose grapes do not come to full growth, or an olive-tree dropping its flowers.
τρυγηθεὶ δὲ ὥσπερ ὄμφαξ πρὸ ὥρας ἐκπέσει δὲ ὡς ἄνθος ἐλαίας
- 34 Wi, mechan yo p'ap gen pitit. Dife ap boule tout kay yo bati ak lajan yo volè.
For the band of the evil-doers gives no fruit, and the tents of those who give wrong decisions for reward are burned with fire.
μαρτύριον γὰρ ἀσεβοῦς θάνατος πῦρ δὲ καύσει οἴκους δωροδεκτῶν
- 35 Lè yon moun ap chache fè moun mal, se sou li malè a tonbe. Se pwòp tèt li l'ap twonpe.
Evil has made them with child, and they give birth to trouble; and the fruit of their body is shame for themselves.
ἐν γαστρὶ δὲ λήμψεται ὀδύνας ἀποβήσεται δὲ αὐτῷ κενὰ ἢ δὲ κοιλία αὐτοῦ ὑποίσει δόλον
- 1 ¶ Jòb pran lapawòl ankò, li di konsa:
And Job made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ ἰωβ λέγει
- 2 -Mwen bouke tande pawòl sa yo! Pase nou konsole moun, se plis lapenn n'ap ba yo.
Such things have frequently come to my ears: you are comforters who only give trouble.
ἀκήκοα τοιαῦτα πολλά παρακλήτορες κακῶν πάντες
- 3 Kilè n'a sispann tout pale anpil sa a? Sa k'ap pouse nou konsa? Nou toujou pare pou reponn moun!
May words which are like the wind be stopped? or what is troubling you to make answer to them?
τί γὰρ μὴ τάξις ἐστὶν ῥήμασιν πνεύματος ἢ τί παρενοχλήσει σοι ὅτι ἀποκρίνη
- 4 Si m' te nan plas nou, epi nou menm nan plas mwen, m' ta ka pale jan nou pale a tou, m' ta pase nou nan yon wonn tenten, m' ta vide bèl diskou sou nou.
It would not be hard for me to say such things if your souls were in my soul's place; joining words together against you, and shaking my head at you:
κἀγὼ καθ' ὑμᾶς λαλήσω εἰ ὑπέκειτό γε ἡ ψυχὴ ὑμῶν ἀντὶ τῆς ἐμῆς εἴτ' ἐναλοῦμαι ὑμῖν ῥήμασιν κινήσω δὲ καθ' ὑμῶν κεφαλῆν
- 5 M' ta remoute kouraj nou ak konsèy, m' ta pale ak nou jouk nou ta soulaje.
I might give you strength with my mouth, and not keep back the comfort of my lips.
εἴη δὲ ἰσχὺς ἐν τῷ στόματί μου κίνησιν δὲ χειλέων οὐ φείσομαι
- 6 ¶ Men, lè mwen pale, doulè a la pi rèd pou mwen. Lè mwen pa pale, se pa sa k'ap fè l' ban m' yon ti louga.
If I say what is in my mind, my pain becomes no less: and if I keep quiet, how much of it goes from me?
ἐὰν γὰρ λαλήσω οὐκ ἀλγήσω τὸ τραῦμα ἐὰν δὲ καὶ σιωπήσω τί ἔλαττον τρωθήσομαι
- 7 Koulye a, Bondye, se fini ou fini avè m'. Ou kite yo touye tout fanmi m'.
But now he has overcome me with weariness and fear, and I am in the grip of all my trouble.
νῦν δὲ κατάκοπόν με πεποίηκεν μορὸν σσηπτότα
- 8 Ou mete men sou mwen, ou pa vle wè m' ankò. Mwen tounen zo ak po. Yo di se paske mwen antò ki fè sa rive m'.
It has come up as a witness against me, and the wasting of my flesh makes answer to my face.
καὶ ἐπελάβου μου εἰς μαρτύριον ἐγενήθη καὶ ἀνέστη ἐν ἐμοὶ τὸ ψεῦδος μου κατὰ πρόσωπόν μου ἀνταπεκρίθη

- 9 Nan kòlè li, Bondye ap dechire m' moso pa moso. L'ap devore m' anba dan l'. L'ap louvri je l' sou mwen, li pa vle wè m'!
I am broken by his wrath, and his hate has gone after me; he has made his teeth sharp against me: my haters are looking on me with cruel eyes;
ὀργή χρησάμενος κατέβαλέν με ἔβρουξεν ἐπ' ἐμὲ τοὺς ὀδόντας βέλη πειρατῶν αὐτοῦ ἐπ' ἐμοὶ ἔπεσεν
- 10 Moun prèt pou manje m'. Yo kouri sou mwen, y'ap joure m', y'ap touye m' anba souflèt.
Their mouths are open wide against me; the blows of his bitter words are falling on my face; all of them come together in a mass against me.
ἀκίσιν ὀφθαλμῶν ἐνήλατο ὄξει ἔπαισέν με εἰς σιαγόνα ὁμοθυμαδὸν δὲ κατέδραμον ἐπ' ἐμοί
- 11 Bondye lage m' nan men mecha yo. Li jete m' anba grif san manman yo.
God gives me over to the power of sinners, sending me violently into the hands of evil-doers.
παρέδωκεν γάρ με ὁ κύριος εἰς χεῖρας ἀδίκου ἐπὶ δὲ ἀσεβέσιν ἔρριψέν με
- 12 Mwen t'ap viv tou dousman, li bouskile m'. Li pran m' dèyè nwa kou, li kraze m', li fè m' tounen jwèt li.
I was in comfort, but I have been broken up by his hands; he has taken me by the neck, shaking me to bits; he has put me up as a mark for his arrows.
εἰρηνεύοντα διεσκέδασέν με λαβὼν με τῆς κόμης διέτιλεν κατέστησέν με ὥσπερ σκοπὸν
- 13 L'ap voye flèch li sou mwen kote m' vire. Li pèse tout kò m', li san pitye pou mwen, li mete san m' deyò.
His bowmen come round about me; their arrows go through my body without mercy; my life is drained out on the earth.
ἐκύκλωσάν με λόγχαις βάλλοντες εἰς νεφρούς μου οὐ φειδόμενοι ἐξέχεαν εἰς τὴν γῆν τὴν χολὴν μου
- 14 Kote m' vire li blese m', li vare sou mwen tankou yon sòlda nan lagè.
I am broken with wound after wound; he comes rushing on me like a man of war.
κατέβαλόν με πτόμα ἐπὶ πτόματι ἔδραμον πρὸς με δυνάμενοι
- 15 Mwen fè rad sak mete sou mwen, mwen woule kò m' nan pousyè tèlman mwen te nan lapenn.
I have made haircloth the clothing of my skin, and my horn is rolled in the dust.
σάκκον ἔρρασα ἐπὶ βύρσης μου τὸ δὲ σθένος μου ἐν γῆ ἔσβέσθη
- 16 Je m' vin wouj afòs mwen kriye. Tout anba je m' gonfle vin tou nwa.
My face is red with weeping, and my eyes are becoming dark;
ἡ γαστήρ μου συγκέκασται ἀπὸ κλαυθμοῦ ἐπὶ δὲ βλεφάροις μου σκιά
- 17 ¶ Men, mwen konnen mwen pa fè ankenn moun mechanste. Mwen lapriyè Bondye ak tout kè m'.
Though my hands have done no violent acts, and my prayer is clean.
ἄδικον δὲ οὐδὲν ἦν ἐν χερσίν μου εὐχὴ δέ μου καθαρὰ
- 18 Ou menm latè, pa kache mizè mwen. Pa kite yo fèmen bouch mwen lè m'ap rele nan pye Bondye!
O earth, let not my blood be covered, and let my cry have no resting-place!
γῆ μὴ ἐπικαλύψῃς ἐφ' αἷματι τῆς σαρκός μου μηδὲ εἴη τόπος τῆ κραυγῆ μου
- 19 Paske mwen konnen gen yon moun nan syèl la k'ap kanpe pou mwen, gen yon moun anwo a k'ap pran defans mwen.
Even now my witness is in heaven, and the supporter of my cause is on high.
καὶ νῦν ἰδοὺ ἐν οὐρανοῖς ὁ μάρτυς μου ὁ δὲ συνίστωρ μου ἐν ὑψίστοις
- 20 Zanmi m' yo ap pase m' nan betiz, men, m'ap kriye nan pye Bondye.
My friends make sport of me; to God my eyes are weeping,
ἀφίκοιτό μου ἡ δέησις πρὸς κύριον ἔναντι δὲ αὐτοῦ στάζοι μου ὁ ὀφθαλμὸς
- 21 Mwen bezwen moun pou plede kòz mwen ak Bondye a, menm jan yon moun plede kòz zanmi l'.
So that he may give decision for a man in his cause with God, and between a son of man and his neighbour.
εἴη δὲ ἔλεγχος ἀνδρὶ ἔναντι κυρίου καὶ υἱὸς ἀνθρώπου τῷ πλησίον αὐτοῦ
- 22 M' pa lontan mouri. Mwen pral pran chemen kote moun pa janm tounen an.
For in a short time I will take the journey from which I will not come back.
ἔτι δὲ ἀριθμητὰ ἤκασιν ὁδῶ δέ ἤ οὐκ ἐπαναστραφήσομαι πορεύσομαι

- 1 ¶ Souf mwen prèt pou koupe. Mwen pa lwen mouri. Se pou simityè ase mwen bon.
My spirit is broken, my days are ended, the last resting-place is ready for me.
ὀλέκομαι πνεύματι φερόμενος δέομαι δὲ ταφῆς καὶ οὐ τυγχάνω
- 2 Kote m' vire, se moun k'ap pase m' nan betiz. Vye pawòl jouman yo enpoze m' dòmi.
Truly, those who make sport of me are round about me, and my eyes become dark because of their bitter laughing.
λίσσομαι κάμων καὶ τί ποιήσας
- 3 Ou mèt kwè m', Bondye! Se ou menm ankò ki pou bay garanti pou mwen. M' pa gen pesonn lòt ki ka tope ak yo.
Be pleased, now, to be responsible for me to yourself; for there is no other who will put his hand in mine.
ἐκλεψαν δέ μου τὰ ὑπάρχοντα ἀλλότριοι τίς ἐστὶν οὗτος τῇ χειρὶ μου συνδεθήτω
- 4 Ou fèmen lespri yo pou yo pa konprann. Pa kite yo gen rezon sou mwen.
You have kept their hearts from wisdom: for this cause you will not give them honour.
ὅτι καρδίαν αὐτῶν ἐκρυψας ἀπὸ φρονήσεως διὰ τοῦτο οὐ μὴ ὑψώσης αὐτούς
- 5 Pawòl la di: Yon moun ap fè gwo fèt pou zanmi l', epi pitit li yo ap mouri grangou anndan lakay li.
As for him who is false to his friend for a reward, light will be cut off from the eyes of his children.
τῇ μερίδι ἀναγγελεῖ κακίας ὀφθαλμοὶ δέ μου ἐφ' οὐοῖς ἐτάκησαν
- 6 Yo fè koze sou mwen nan pèp la. Yo vin krache nan figi m'!
He has made me a word of shame to the peoples; I have become a mark for their sport.
ἔθου δέ με θρύλημα ἐν ἔθνεσιν γέλως δὲ αὐτοῖς ἀπέβην
- 7 Mwen sitelman nan lapenn, m' pa ka louvri je m'. Mwen fin tounen zo ak po. Ata lonbraj mwen pa fè!
My eyes have become dark because of my pain, and all my body is wasted to a shade.
πεπώρονται γὰρ ἀπὸ ὀργῆς οἱ ὀφθαλμοὶ μου πεπολιόρκημαι μεγάλως ὑπὸ πάντων
- 8 Moun k'ap mache dwat yo sezi lè yo wè sa. Inonsan yo fin debòde sou mechan an ki vire do bay Bondye.
The upright are surprised at this, and he who has done no wrong is troubled because of the evil-doers.
θαῦμα ἔσχεν ἀληθινὸς ἐπὶ τούτῳ δίκαιος δὲ ἐπὶ παρανόμῳ ἐπανασταίῃ
- 9 Moun k'ap mennen yon vi dwat, se yo ki gen rezon. Sa ki pa mete men yo nan ankenn move zafè kanpe pi rèd sou pozisyon yo.
Still the upright keeps on his way, and he who has clean hands gets new strength.
σχοιή δὲ πιστὸς τὴν ἑαυτοῦ ὁδὸν καθαρὸς δὲ χεῖρας ἀναάβει θάρσος
- 10 ¶ Nou tout mèt vin kanpe devan m', mwen p'ap jwenn yonn ladan nou ki gen bon konprann.
But come back, now, all of you, come; and I will not see a wise man among you.
οὐ μὴν δὲ ἀλλὰ πάντες ἐρείδετε καὶ δεῦτε δὴ οὐ γὰρ εὐρίσκω ἐν ὑμῖν ἀληθές
- 11 Mwen fin viv! Tout plan m' te gen nan tèt mwen kraze. Mwen pa gen ankenn espwa ankò.
My days are past, my purposes are broken off, even the desires of my heart.
αἱ ἡμέραι μου παρήλθον ἐν βρόμῳ ἐράγη δὲ τὰ ἄρθρα τῆς καρδίας μου
- 12 Yo pretann lannwit se lajounen. Lè fènwa, yo di limyè a pa lwen.
They are changing night into day; they say, The light is near the dark.
νόκτα εἰς ἡμέραν ἔθηκαν φῶς ἐγγὺς ἀπὸ προσώπου σκότους
- 13 Se lanmò m'ap tann. Se al kouche nan simityè ki sèl espwa m'.
If I am waiting for the underworld as my house, if I have made my bed in the dark;
ἐὰν γὰρ ὑπομείνω ᾗδης μου ὁ οἶκος ἐν δὲ γνώφῳ ἔστρωταί μου ἡ στρωμνὴ
- 14 Mwen di tonm lan ou se papa m'. Mwen di vèmen ki pral manje m' yo: nou se manman m' ak sè m'.
If I say to the earth, You are my father; and to the worm, My mother and my sister;
θάνατον ἐπεκαλεσάμην πατέρα μου εἶναι μητέρα δέ μου καὶ ἀδελφὴν σαπρίαν

- 15 Kote ki gen espwa pou mwen ankò? Ki moun ki wè yon bon lavi pou mwen ankò?
Where then is my hope? and who will see my desire?
ποῦ οὖν μου ἐστὶ ἐλπίς ἢ τὰ ἀγαθὰ μου ὄψομαι
- 16 Lè m'a mouri, lè m'a fin desann nan peyi kote mò yo ye a, èske m'a ka pote espwa m' yo ansanm avè m'?
Will they go down with me into the underworld? Will we go down together into the dust?
ἢ μετ' ἐμοῦ εἰς ᾗδην καταβήσονται ἢ ὁμοθυμαδὸν ἐπὶ χρώματος καταβησόμεθα
- 1 ¶ Bildad, moun peyi Chwa a, pran lapawòl, li di konsa:
Then Bildad the Shuhite made answer and said,
ὕπολαβὼν δὲ βαλδαδ ὁ σαυχίτης λέγει
- 2 -Jòb monchè, ou pa ka pe bouch ou yon ti kadè? Si ou te fè yon ti sispann, nou ta pale avè ou!
How long will it be before you have done talking? Get wisdom, and then we will say what is in our minds.
μέχρι τίνος οὐ παύση ἐπίσχες ἵνα καὶ αὐτοὶ λαλήσωμεν
- 3 Poukisa ou pran nou pou moun san konprann? Poukisa ou pran nou pou zannimo?
Why do we seem as beasts in your eyes, and as completely without knowledge?
διὰ τί ὥσπερ τετράποδα σεσιωπήκαμεν ἐναντίον σου
- 4 Si ou ankòlè, se pwòp tèt ou ase w'ap fè mal. Atò, poutèt ou, se pou tout moun sou latè te mouri? Se pou Bondye te deplase mòn yo pou fè ou plezi?
But come back, now, come: you who are wounding yourself in your passion, will the earth be given up because of you, or a rock be moved out of its place?
κέχηρται σοι ὀργή τί γάρ ἐάν σὺ ἀποθάνης ἀοίκητος ἢ ὕψ' οὐρανὸν ἢ καταστραφήσεται ὄρη ἐκ θεμελίων
- 5 ¶ Wi, y'ap touye limyè mechan an, flanm dife l' la p'ap klere ankò.
For the light of the sinner is put out, and the flame of his fire is not shining.
καὶ φῶς ἀσεβῶν σβεσθήσεται καὶ οὐκ ἀποβήσεται αὐτῶν ἡ φλόξ
- 6 Lanp lakay li ap mouri, limyè lakay li ap tenyen.
The light is dark in his tent, and the light shining over him is put out.
τὸ φῶς αὐτοῦ σκότος ἐν διαίτῃ ὃ δὲ λύχνος ἐπ' αὐτῷ σβεσθήσεται
- 7 Li te konn mache byen engann, koulye a se ti pa ti pa, l'ap bite. Se plan li t'ap fè yo ki lakòz sa rive l'.
The steps of his strength become short, and by his design destruction overtakes him.
θηρεῦσαισαν ἐλάχιστοι τὰ ὑπάρχοντα αὐτοῦ σφάλαι δὲ αὐτοῦ ἡ βουλή
- 8 Li pile yon pèlen, pye l' pran ladan l'.
His feet take him into the net, and he goes walking into the cords.
ἐμβέβληται δὲ ὁ ποὺς αὐτοῦ ἐν παγίδι ἐν δικτύῳ ἐλιχθείη
- 9 Kòd la mare nan je pye l', l'ap sere l' byen sere.
His foot is taken in the net; he comes into its grip.
ἔλθοισαν δὲ ἐπ' αὐτὸν παγίδες κατισχύσει ἐπ' αὐτὸν διψώντας
- 10 Yo kache yon chita tann pou li anba tè. Yo moute yon pèlen sou wout li.
The twisted cord is put secretly in the earth to take him, and the cord is placed in his way.
κέκρυπται ἐν τῇ γῆ σχοινίον αὐτοῦ καὶ ἡ σὺλλημψις αὐτοῦ ἐπὶ τριβῶν
- 11 ¶ Kote l' vire, malè ap tann li. Kote l' pase, yo la dèyè l'.
He is overcome by fears on every side, they go after him at every step.
κύκλω ὀλέσαισαν αὐτὸν ὀδύνας πολλοὶ δὲ περὶ πόδας αὐτοῦ ἔλθοισαν ἐν λιμῷ στενῷ
- 12 Grangou nan kò l' fini ak kouraj li. Malè kanpe la bò kote l' ap tann li.
His strength is made feeble for need of food, and destruction is waiting for his falling footstep.
πτῶμα δὲ αὐτῷ ἡτοίμασται ἐξαισίον

- 13 Yon sèl maladi po pete sou tout kò l'. L'ap manje tout janm li ak tout bra li yo. Se tè ki pou geri l'.
His skin is wasted by disease, and his body is food for the worst of diseases.
βρωθείσαν αὐτοῦ κλώνες ποδῶν κατέδεται δὲ τὰ ὠραῖα αὐτοῦ θάνατος
- 14 Yo rale l' mete deyò anba tant kote li te al kache a. Yo trennen l' devan jeneral Lanmò.
He is pulled out of his tent where he was safe, and he is taken away to the king of fears.
ἐκτραγείη δὲ ἐκ διαίτης αὐτοῦ ἴασις σχοίη δὲ αὐτὸν ἀνάγκη αἰτία βασιλικῆ
- 15 Koulye a, nenpòt moun gen dwa pran kay li a pou yo. Y'ap dezenfèkte l' nèt ak souf.
In his tent will be seen that which is not his, burning stone is dropped on his house.
κατασκηνώσει ἐν τῇ σκηνῇ αὐτοῦ ἐν νυκτὶ αὐτοῦ κατασπαρήσονται τὰ εὐπρεπῆ αὐτοῦ θείῳ
- 16 Anba tè, rasin li yo ap mouri. Anwo tè, branch li yo ap fennen.
Under the earth his roots are dry, and over it his branch is cut off.
ὑποκάτωθεν αἱ ῥίζαι αὐτοῦ ξηρανθήσονται καὶ ἐπάνωθεν ἐπιπεσεῖται θερισμὸς αὐτοῦ
- 17 p'ap gen pesonn k'ap chonje l' ankò sou latè. Y'ap bliye l' nèt nan tout peyi a.
His memory is gone from the earth, and in the open country there is no knowledge of his name.
τὸ μνημόσυνον αὐτοῦ ἀπόλοιτο ἐκ γῆς καὶ ὑπάρχει ὄνομα αὐτῷ ἐπὶ πρόσωπον ἐξωτέρω
- 18 Y'ap pouse l' soti nan limyè ale nan fènwa. Y'ap depòte l' byen lwen nan peyi san chapo.
He is sent away from the light into the dark; he is forced out of the world.
ἀπόσειεν αὐτὸν ἐκ φωτὸς εἰς σκότος
- 19 Li p'ap kite ni pitié, ni ankenn lòt fanmi nan mitan pèp la. Yo tout ap mouri anvan l'.
He has no offspring or family among his people, and in his living-place there is no one of his name.
οὐκ ἔσται ἐπίγονος ἐν λαῷ αὐτοῦ οὐδὲ σεσωσμένος ἐν τῇ ὑπ' οὐρανὸν ὁ οἶκος αὐτοῦ ἀλλ' ἐν τοῖς αὐτοῦ ζήσονται ἕτεροι
- 20 Depi solèy leve jouk solèy kouche, tout moun pral sezi wè jan li fini.
At his fate those of the west are shocked, and those of the east are overcome with fear.
ἐπ' αὐτῷ ἐστέναζαν ἔσχατοι πρότους δὲ ἔσχεν θαῦμα
- 21 Wi, men sa k'ap tann lakou moun k'ap fè mechanste yo, fanmi moun ki pa respekte Bondye yo.
Truly, these are the houses of the sinner, and this is the place of him who has no knowledge of God.
οὗτοί εἰσιν οἴκοι ἀδίκων οὗτος δὲ ὁ τόπος τῶν μὴ εἰδόντων τὸν κύριον
- 1 ¶ Jòb pran lapawòl, li di konsa:
And Job made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ ἰωβ λέγει
- 2 -Manyè sispann vire lòlòj mwen non! Manyè sispann kraze kouraj mwen ak tout pawòl sa yo?
How long will you make my life bitter, crushing me with words?
ἕως τίνος ἔγκοπον ποιήσετε ψυχὴν μου καὶ καθαιρεῖτε με λόγοις
- 3 Tout tan n'ap plede joure m', n'ap trennen m' nan labou. Nou pa wont jan n'ap malmennen m' la a?
Ten times now you have made sport of me; it gives you no sense of shame to do me wrong.
γινώτε μόνον ὅτι ὁ κύριος ἐποίησέ με οὕτως καταλαλεῖτέ μου οὐκ αἰσχυνόμενοί με ἐπικεισθέ μοι
- 4 Menm si mwen ta fè sa m' pa t' dwe fè, ki jan pou sa ta ka fè nou mal?
And, truly, if I have been in error, the effect of my error is only on myself.
ναὶ δὴ ἐπ' ἀληθείας ἐγὼ ἐπλανήθην παρ' ἐμοὶ δὲ ἀλίξεται πλάνος [4a] λαλήσαι ῥῆμα ὃ οὐκ ἔδει τὰ δὲ ῥήματά μου πλανᾶται καὶ οὐκ ἐπὶ καιροῦ
- 5 Nou konprann nou pi bon pase m'. Nou di se paske mwen antò kifè m'ap pase tray sa a.
If you make yourselves great against me, using my punishment as an argument against me,
ἔα δὲ ὅτι ἐπ' ἐμοὶ μεγαλύνεσθε ἐνάλλεσθε δέ μοι ὀνειδίζει

- 6 Nou pa wè se Bondye k'ap manyen avè m'. Se li menm ki pran m' nan pèlen.
Be certain that it is God who has done me wrong, and has taken me in his net.
 γνωτε ουν οτι ο κυριος εστιν ο ταράζας οχύρωμα δε αυτού επ' έμε ύψωσεν
- 7 Si m' rele anmwe ansasen, pesonn p'ap reponn. Si m' mande jistis, pesonn p'ap kanpe pou defann mwen.
Truly, I make an outcry against the violent man, but there is no answer: I give a cry for help, but no one takes up my cause.
 ιδου γελω ονειδει και ου λαλήσω κεκράζομαι και ουδαμοδ κρίμα
- 8 ¶ Bondye bare tout chemen devan mwen. M' pa ka pase. Li fè m' wè tou nwa devan mwen.
My way is walled up by him so that I may not go by: he has made my roads dark.
 κύκλω περιφοδόμημαι και ου μη διαβώ επι πρόσωπόν μου σκότος εθετο
- 9 Li fè yo ban m' move non. Li fè m' pèdi tout byen m'.
He has put off my glory from me, and taken the crown from my head.
 την δε δόξαν άπ' έμου εξέδυσεν άφείλεν δε στέφανον από κεφαλής μου
- 10 Li minen m' tout jan. M'ap deperi. Li wete tout espwa m'. Mwen tankou yon pyebwa yo derasinen.
I am broken down by him on every side, and I am gone; my hope is uprooted like a tree.
 διέσπασέν με κύκλω και ώχρόμην εξέκοψεν δε ώσπερ δένδρον την έλιίδα μου
- 11 Bondye ankòlè nèt sou mwen. Li konsidere m' tankou yon lènmi.
His wrath is burning against me, and I am to him as one of his haters.
 δεινωσ δε μοι όργη έχρήσατο ήγήσατο δε με ώσπερ έχθρόν
- 12 Li voye yon bann malè sou mwen yon grenn kou, tankou yon lame k'ap atake m'. Yo rive sou mwen san m' pa wè sa. Yo sènen m' anndan lakay mwen.
His armies come on together, they make their road high against me, and put up their tents round mine.
 όμοθυμαδόν δε ήλθον τα πειρατήρια αυτού επ' έμοι ταίς όδοις μου εκκύκλωσάν με εγκάθετοι
- 13 Bondye fè frè m' yo renka kò yo sou mwen. Zanmi m' yo kouri pou mwen.
He has taken my brothers far away from me; they have seen my fate and have become strange to me.
 άπ' έμου δε άδελφοί μου άπέστησαν έγνωσαν άλλοτριους η έμέ φίλοι δε μου άνελεήμονες γεγόνασιν
- 14 Tout fanmi mwen yo, tout bon zanmi m' yo disparèt. Moun mwen te konn resevwa lakay mwen bliye m'.
My relations and my near friends have given me up, and those living in my house have put me out of their minds.
 ου προσεποιήσαντό με οι έγγύτατοί μου και οι ειδότες μου τό όνομα επελάθοντό μου
- 15 Ata sèvan lakay mwen pa rekonèt mwen. Pou yo, yo pa janm konnen m'.
I am strange to my women-servants, and seem to them as one from another country.
 γείτονες οικίας θεράπαιναί τέ μου άλλογενής ήμην εναντίον αυτών
- 16 Si mwen rele yon domestik, li pa reponn mwen. Mwen te mèt lapriyè nan pye l', li pa okipe m'.
At my cry my servant gives me no answer, and I have to make a prayer to him.
 θεράποντά μου εκάλεσα και ουχ ύπήκουσεν στόμα δε μου εδέετο
- 17 Madanm mwen pa ka pran sant mwen. Ata pwòp pitit mwen yo pè pwoche bò kote m'.
My breath is strange to my wife, and I am disgusting to the offspring of my mother's body.
 και ικέτευον την γυναίκα μου προσεκαλούμην δε κολακεύων υιούς παλλακίδων μου
- 18 Tout timoun ap pase m' nan betiz. Si m' fè yon ti kanpe, yo pase m' nan tenten.
Even young children have no respect for me; when I get up their backs are turned on me.
 οι δε εις τον αιώνα με άπεποιήσαντο όταν άναστώ κατ' έμου λαουσιν
- 19 Pi bon zanmi m' yo ap gade m' ak degoutans. Sa m' pi renmen yo ap pale sou do m'.
All the men of my circle keep away from me; and those dear to me are turned against me.
 έβδελύξαντο δε με οι ειδότες με ους δη ήγαπήκειν επανέστησάν μοι

- 20 Mwen tounen zo ak po. Sa ki rete pou m' mouri a pa anyen.
My bones are joined to my skin, and I have got away with my flesh in my teeth.
ἐν δέρματί μου ἐσάπησαν αἱ σάρκες μου τὰ δὲ ὀστᾶ μου ἐν ὀδοῦσιν ἔχεται
- 21 Nou se zanmi m'. Pitje pou mwen! Pitje! Se Bondye menm ki leve men sou mwen.
Have pity on me, have pity on me, O my friends! for the hand of God is on me.
ἐλεήσατέ με ἐλεήσατέ με ὧ φίλοι χεὶρ γὰρ κυρίου ἢ ἀψαμένη μου ἐστίν
- 22 Poukisa pou nou leve dèyè m' tou menm jan ak Bondye? Koulye a, nou pa pèsekite m' kont nou?
Why are you cruel to me, like God, for ever saying evil against me?
διὰ τί δέ με διώκετε ὡσπερ καὶ ὁ κύριος ἀπὸ δὲ σαρκῶν μου οὐκ ἐμπίπλασθε
- 23 ¶ Si sèlman te gen yon moun pou kouche pawòl mwen yo, pou ekri yo sou papye,
If only my words might be recorded! if they might be put in writing in a book!
τίς γὰρ ἂν δόξη γραφῆναι τὰ ῥήματά μου τεθῆναι δὲ αὐτὰ ἐν βιβλίῳ εἰς τὸν αἰῶνα
- 24 pou grave yo ak sizo sou wòch plat, pou yo toujou rete make!
And with an iron pen and lead be cut into the rock for ever!
ἐν γραφείῳ σιδηρῷ καὶ μολίβῳ ἢ ἐν πέτραις ἐγγλυφῆναι
- 25 Mwen menm, mwen konnen moun ki gen pou vin pran defans mwen an byen vivan. Se li menm an dènye k'ap kanpe sou latè pou pale pou mwen.
But I am certain that he who will take up my cause is living, and that in time to come he will take his place on the dust;
οἶδα γὰρ ὅτι ἀέναός ἐστιν ὁ ἐκλύειν με μέλλων ἐπὶ γῆς
- 26 Apre m' fin mouri, l'ap mete m' kanpe bò kote l'. M'a wè Bondye ak pwòp je m'.
And ... without my flesh I will see God;
ἀναστήσαι τὸ δέρμα μου τὸ ἀνατλῶν ταῦτα παρὰ γὰρ κυρίου ταῦτά μοι συνετελέεσθη
- 27 Se mwen menm menm k'ap wè l'. Se p'ap yon lòt moun! Kè m' ap fann,
Whom I will see on my side, and not as one strange to me. My heart is broken with desire.
ἂ ἐγὼ ἐμαυτῷ συνεπίσταμαι ἂ ὁ ὀφθαλμός μου ἐδράκεν καὶ οὐκ ἄλλος πάντα δέ μοι συνετελέεσται ἐν κόλπῳ
- 28 paske n'ap mande ki jan pou n' fè m' pase mizè ankò? Ki rezon n'ap jwenn nan mwen pou nou atake m'?
- 16 Li gen plis valè pase lò peyi Ofi a. Bèl pyè oniks ak safi pa ka parèt la.
It may not be valued with the gold of Ophir, with the onyx of great price, or the sapphire.
 καὶ οὐ συμβασταχθήσεται χρυσίῳ ὠφειρ ἐν ὄνυχι τιμίῳ καὶ σαπφείρῳ
- 17 Yo pa ka konpare l' ni ak lò ni ak bèl kristal. Yo pa ka boukante l' pou yon bèl veso fèt an lò.
Gold and glass are not equal to it in price, and it may not be exchanged for jewels of the best gold.
 οὐκ ἰσωθήσεται αὐτῇ χρυσίον καὶ ὕαλος καὶ τὸ ἄλλαγμα αὐτῆς σκεύη χρυσᾶ
- 18 Pou grenn koray ak wòch kristal menm, yo pa ka parèt la. Pito ou al deyè bon konprann pase ou ale deyè bèl pyè lanbi.
There is no need to say anything about coral or crystal; and the value of wisdom is greater than that of pearls.
 μετέωρα καὶ γαβὶς οὐ μνησθήσεται καὶ ἔλκυσον σοφίαν ὑπὲρ τὰ ἐσώτατα
- 19 Topaz peyi Letiopi pa vo anyen devan l'. Pi bon lò a pa ka konpare ak bon konprann.
The topaz of Ethiopia is not equal to it, and it may not be valued with the best gold.
 οὐκ ἰσωθήσεται αὐτῇ τοπάζιον αἰθιοπίας χρυσίῳ καθαρῷ οὐ συμβασταχθήσεται
- 20 ¶ Men, kote nou ka jwenn konesans lan? Kote bon konprann lan ye menm?
From where then does wisdom come, and where is the resting-place of knowledge?
 ἡ δὲ σοφία πόθεν εὗρεθῆ ποῖος δὲ τόπος ἐστὶν τῆς συνέσεως
- 21 Pa gen moun, pa gen bèt ki ka wè l', pa menm zwazo k'ap vole nan syèl la.
For it is kept secret from the eyes of all living, unseen by the birds of the air.
 λέληθεν πάντα ἄνθρωπον καὶ ἀπὸ πετεινῶν τοῦ οὐρανοῦ ἐκρύβη
- 22 Ata lanmò ak simityè di se tande yo tande nonmen non l'.
Destruction and Death say, We have only had word of it with our ears.
 ἡ ἀπώλεια καὶ ὁ θάνατος εἶπαν ἀκηκόαμεν δὲ αὐτῆς τὸ κλέος

- 23 Se Bondye ase ki konn chemen an. Se li ase ki konnen kote li rete.
God has knowledge of the way to it, and of its resting-place;
 ὁ θεὸς εὖ συνέστησεν αὐτῆς τὴν ὁδὸν αὐτὸς δὲ οἶδεν τὸν τόπον αὐτῆς
- 24 Paske Bondye wè dènye bout latè. Li voye je l', li gade tou sa ki anba syèl la.
For his eyes go to the ends of the earth, and he sees everything under heaven.
 αὐτὸς γὰρ τὴν ὑπ' οὐρανὸν πᾶσαν ἐφορᾷ εἰδὼς τὰ ἐν τῇ γῆ πάντα ἃ ἐποίησεν
- 25 Lè Bondye t'ap bay van yo pèz yo, lè li t'ap bay dlo lanmè a mezi kote pou l' rive a,
When he made a weight for the wind, measuring out the waters;
 ἀνέμων σταθμὸν ὕδατός τε μέτρα
- 26 lè li t'ap bay lòd kote pou lapli tonbe ak chemen pou loraj yo pran lè y'ap gwonde,
When he made a law for the rain, and a way for the thunder-flames;
 ὅτε ἐποίησεν οὕτως ὑετὸν ἠρίθμησεν καὶ ὁδὸν ἐν τινάγματι φωνάς
- 27 se lè sa a li te wè bon konprann, li wè sa li vo. Li egzaminen l' byen egzaminen, li sonde l' byen sonde.
Then he saw it, and put it on record; he gave it its fixed form, searching it out completely.
 τότε εἶδεν αὐτὴν καὶ ἐξηγήσατο αὐτὴν ἐτοιμάσας ἐξιχνίασεν
- 28 Apre sa, Bondye di moun konsa: -Gen krentif pou Bondye, se sa ki rele bon konprann. Vire do bay sa ki mal, men sa ki rele gen lespri.
And he said to man, Truly the fear of the Lord is wisdom, and to keep from evil is the way to knowledge.
 εἶπεν δὲ ἀνθρώπῳ ἰδοὺ ἡ θεοσεβεία ἐστὶν σοφία τὸ δὲ ἀπέχεσθαι ἀπὸ κακῶν ἐστὶν ἐπιστήμη
- 1 ¶ Jòb tanmen pale ankò, li di:
And Job again took up the word and said,
 ἔτι δὲ προσθεὶς ἰωβ εἶπεν τῷ προοιμίῳ
- 2 -Kí moun ki va fè m' viv tan lontan an, lè Bondye t'ap voye je sou mwen an?
If only I might again be as I was in the months which are past, in the days when God was watching over me!
 τίς ἂν με θεΐη κατὰ μῆνα ἔμπροσθεν ἡμερῶν ὧν με ὁ θεὸς ἐφύλαξεν
- 3 Lè sa a, Bondye te toujou la avèk mwen. Limyè li te klere anwo tèt mwen, li t'ap moutre m' kote pou m' mete pye m' nan fènwa a.
When his light was shining over my head, and when I went through the dark by his light.
 ὡς ὅτε ἠῦγει ὁ λύχνος αὐτοῦ ὑπὲρ κεφαλῆς μου ὅτε τῷ φωτὶ αὐτοῦ ἐπορευόμην ἐν σκότει
- 4 Nan tan sa a, tout zafè m' t'ap mache byen. Bondye te zanmi m'. Li t'ap pwoteje kay mwen.
As I was in my flowering years, when my tent was covered by the hand of God;
 ὅτε ἤμην ἐπιβρίθων ὁδοῖς ὅτε ὁ θεὸς ἐπισκοπῆν ἐποιεῖτο τοῦ οἴκου μου
- 5 Bondye ki gen tout pouvwa a te toujou la avèk mwen. Mwen t'ap viv nan mitan tout pitit gason m' yo.
While the Ruler of all was still with me, and my children were round me;
 ὅτε ἤμην ὑλώδης λίαν κύκλῳ δέ μου οἱ παῖδες
- 6 Bèf ak kabrit mwen yo te konn bay anpil lèt. Pye oliv mwen yo te donnè menm nan tè wòch.
When my steps were washed with milk, and rivers of oil were flowing out of the rock for me.
 ὅτε ἐχέοντό μου αἱ ὁδοὶ βουτύρῳ τὰ δὲ ὄρη μου ἐχέοντο γάλακτι
- 7 ¶ Lè mwen parèt pòtay lavil la, lè mwen pran plas mwen nan mitan chèf fanmi yo,
When I went out of my door to go up to the town, and took my seat in the public place,
 ὅτε ἐξεπορευόμην ὄρθριος ἐν πόλει ἐν δὲ πλατείαις ἐτίθετό μου ὁ δίφρος
- 8 wè yo wè m', jenn gason yo mete kò yo sou kote, granmoun yo leve kanpe pa respè pou mwen.
The young men saw me, and went away, and the old men got up from their seats;
 ἰδόντες με νεανίσκοι ἐκρόβησαν πρεσβῦται δὲ πάντες ἔστησαν

- 9 Notab yo sispann pale, yo fèmen bouch yo.
The rulers kept quiet, and put their hands on their mouths;
ἄδροι δὲ ἐπαύσαντο λαλοῦντες δάκτυλον ἐπιθέντες ἐπὶ στόματι
- 10 Ata chèf yo pa ka pale ankò! Lang yo vin lou nan bouch yo.
The chiefs kept back their words, and their tongues were joined to the roofs of their mouths.
οἱ δὲ ἀκούσαντες ἐμακάρισάν με καὶ γλώσσα αὐτῶν τῷ λάρυγγι αὐτῶν ἐκολλήθη
- 11 Tout moun ki te wè m' t'ap mache fè lwanj mwen, tout moun ki te tandè m' te kontan avè m'.
For when it came to their ears, men said that I was truly happy; and when their eyes saw, they gave witness to me;
ὅτι οὗς ἤκουσεν καὶ ἐμακάρισέν με ὀφθαλμὸς δὲ ἰδὼν με ἐξέκλινεν
- 12 Mwen lonje men bay pòn malere ki nan ka ansanm ak timoun san papa ki san sekou.
For I was a saviour to the poor when he was crying for help, to the child with no father, and to him who had no supporter.
διέσωσα γὰρ πτωχὸν ἐκ χειρὸς δυνάστου καὶ ὀρφανῷ ᾧ οὐκ ἦν βοηθὸς ἐβοήθησα
- 13 Moun ki te nan pi gwo mizè t'ap fè lwanj mwen. Mwen te fè kè vèn yo kontan.
The blessing of him who was near to destruction came on me, and I put a song of joy into the widow's heart.
εὐλογία ἀπολλυμένου ἐπ' ἐμέ ἔλθοι στόμα δὲ χήρας με εὐλόγησεν
- 14 Mwen te toujou fè sa ki dwat. Mwen pa t' janm nan patipri.
I put on righteousness as my clothing, and was full of it; right decisions were to me a robe and a head-dress.
δικαιοσύνην δὲ ἐνεδεύκειν ἡμφιασάμην δὲ κρίμα ἴσα διπλοῖδι
- 15 Se mwen ki te wè pou avèg yo. Se mwen ki te mache pou kokobe yo.
I was eyes to the blind, and feet to him who had no power of walking.
ὀφθαλμὸς ἦμην τυφλῶν ποὺς δὲ χωλῶν
- 16 Mwen te yon papa pou pòn malere yo. Mwen te kanpe pou defann kòz etranje yo.
I was a father to the poor, searching out the cause of him who was strange to me.
ἐγὼ ἦμην πατὴρ ἀδυνάτων δίκην δὲ ἦν οὐκ ἤδειν ἐξιχνίασα
- 17 Mwen te kraze pounwa malveyan yo. Mwen sove moun ki te anba men yo.
By me the great teeth of the evil-doer were broken, and I made him give up what he had violently taken away.
συνέτριψα δὲ μύλας ἀδίκων ἐκ δὲ μέσου τῶν ὀδόντων αὐτῶν ἄρπαγμα ἐξέεπασα
- 18 ¶ Mwen t'ap di nan kè m': M'a viv kont viv mwen. M'a mouri sou kabann mwen ak kè poze.
Then I said, I will come to my end with my children round me, my days will be as the sand in number;
εἶπα δὲ ἡ ἡλικία μου γηράσει ὥσπερ στέλεχος φοίνικος πολὺν χρόνον βιώσω
- 19 Mwen te tankou yon pyebwa plante bò larivyè. Sou tout branch li yo se lawouze.
My root will be open to the waters, and the night mist will be on my branches,
ἡ ῥίζα μου διήνοικται ἐπὶ ὕδατος καὶ δρόσος ἀλισθήσεται ἐν τῷ θερισμῷ μου
- 20 Moun pa ta janm sispann fè lwanj mwen. Mwen t'ap toujou gen tout fòs mwen sou mwen.
My glory will be ever new, and my bow will be readily bent in my hand.
ἡ δόξα μου καινὴ μετ' ἐμοῦ καὶ τὸ τόξον μου ἐν χειρὶ αὐτοῦ πορεύσεται
- 21 Lè m'ap pale, tout moun fèmen bouch yo. Yo louvri zòrèy yo, y'ap tann konsa konsèy m'ap bay.
Men gave ear to me, waiting and keeping quiet for my suggestions.
ἐμοῦ ἀκούσαντες προσέσχον ἐσιώπησαν δὲ ἐπὶ τῇ ἐμῇ βουλῇ
- 22 Pawòl mwen tonbe nan kè yo tankou grenn lapli. Lè m' fin pale, pesonn pa gen anyen pou di ankò.
After I had said what was in my mind, they were quiet and let my words go deep into their hearts;
ἐπὶ δὲ τῷ ἐμῷ ῥήματι οὐ προσέθεντο περιχαρεῖς δὲ ἐγίνοντο ὅπότεν αὐτοῖς ἐλάλουν

- 23 Yo t'ap tann mwen pale tankou tè sèk k'ap tann lapli. Yo rete bouch louvri pou ranmase sa m'ap di.
They were waiting for me as for the rain, opening their mouths wide as for the spring rains.
ὡσπερ γῆ διψῶσα προσδεχομένη τὸν ὑετὸν οὕτως οὗτοι τὴν ἐμὴν λαλίαν
- 24 Lè yo dekouraje, mwen fè yon ti ri ak yo. Sa te kont pou remoute kouraj yo.
I was laughing at them when they had no hope, and the light of my face was never clouded by their fear.
ἐὰν γελᾶσω πρὸς αὐτούς οὐ μὴ πιστεύσωσιν καὶ φῶς τοῦ προσώπου μου οὐκ ἀπέπυπτεν
- 25 Mwen te kanpe alatèt yo. Mwen mennen yo tankou yon wa k'ap mennen sòlda li yo. Mwen di yo sa pou yo fè. Mwen te ba yo kouraj lè yo nan lafliksyon.
I took my place as a chief, guiding them on their way, and I was as a king among his army. ...
ἐξελεξάμην ὁδὸν αὐτῶν καὶ ἐκάθισα ἄρχων καὶ κατεσκίηνον ὡσεὶ βασιλεὺς ἐν μονοζῶνοις ὃν τρόπον παθεινοὺς παρακαλῶν
- 1 ¶ Men koulye a, moun ki pi jenn pase m' yo ap pase m' nan rizib. Papa yo se moun mwen pa t' pran pou anyen, moun mwen pa ta menm mete ak chen m' pou gade mouton.
But now those who are younger than I make sport of me; those whose fathers I would not have put with the dogs of my flocks.
νυνὶ δὲ κατεγέλασαν μου ἐλάχιστοι νῦν νοθετοῦσίν με ἐν μέρει ὧν ἐξουδέουν πατέρας αὐτῶν οὐδ' οὐχ ἠγησάμην εἶναι ἀξίους κυνῶν τῶν ἐμῶν νομάδων
- 2 Epitou, yo te twò fèb pou fè anyen pou mwen. Se te yon bann gason san kouraj.
Of what use is the strength of their hands to me? all force is gone from them.
καὶ γε ἰσχύς χειρῶν αὐτῶν ἵνα τί μοι ἐπ' αὐτοὺς ἀπώλετο συντέλεια
- 3 Mizè ak grangou te fini ak yo. Lannwit se grenn bwa yo te konn al souse nan savann kote moun pa rete.
They are wasted for need of food, biting the dry earth; their only hope of life is in the waste land.
ἐν ἐνδείᾳ καὶ λιμῷ ἄγονος οἱ φεύγοντες ἄνδρον ἐχθές συνοχὴν καὶ ταλαιπωρίαν
- 4 Yo pran fèy raje pou yo manje. Ata rasin bayawonn pase.
They are pulling off the salt leaves from the brushwood, and making a meal of roots.
οἱ περικλῶντες ἄλιμα ἐπὶ ἠχοῦντι οἴτινες ἄλιμα ἦν αὐτῶν τὰ σῖτα ἄτιμοι δὲ καὶ πεφραυλισμένοι ἐνδεεῖς παντὸς ἀγαθοῦ οἱ καὶ ρίζας ξύλων ἐμασῶντο ὑπὸ λιμοῦ μεγάλου
- 5 Kote yo pase moun mete yo deyò, yo rele bare dèyè yo tankou vòlè.
They are sent out from among their townsmen, men are crying after them as thieves
ἐπανεστήσαν μοι κλέπται
- 6 Yo te blije al rete nan twou wòch, nan twou tè sou bò ravin yo.
They have to get a resting-place in the hollows of the valleys, in holes of the earth and rocks.
ὧν οἱ οἴκοι αὐτῶν ἦσαν τρώγλαι πετρῶν
- 7 Y'ap rele tankou bèt mawon nan raje a. Yo fè pil sou pil nan savann lan.
They make noises like asses among the brushwood; they get together under the thorns.
ἀνὰ μέσον εὐήχων βοήσονται οἱ ὑπὸ φρύγανα ἄγρια διητῶντο
- 8 Se te yon bann sanzave ki pa t' menm gen non. Yo te mete yo deyò nan peyi a.
They are sons of shame, and of men without a name, who have been forced out of the land.
ἀφρόνων υἱοὶ καὶ ἀτίμων ὄνομα καὶ κλέος ἐσβεσμένον ἀπὸ γῆς
- 9 Koulye a, y'ap fè chante sou mwen. Y'ap bay istwa sou do m'.
And now I have become their song, and I am a word of shame to them.
νυνὶ δὲ κιθάρα ἐγὼ εἶμι αὐτῶν καὶ ἐμὲ θρύλημα ἔχουσιν
- 10 Yo pè pwoche bò kote m' pou m' pa sal yo. Yo menm krache nan figi m'.
I am disgusting to them; they keep away from me, and put marks of shame on me.
ἐβδελύξαντο δὲ με ἀποστάντες μακρὰν ἀπὸ δὲ προσώπου μου οὐκ ἐφείσαντο πτύελον
- 11 Paske Bondye kraze kouraj mwen, li lage m' atè, kifè, mapou tonbe, kabrit manje fèy li.
For he has made loose the cord of my bow, and put me to shame; he has sent down my flag to the earth before me.
ἀνοίξας γὰρ φαρέτραν αὐτοῦ ἐκάκωσέν με καὶ χαλινὸν τοῦ προσώπου μου ἐξάπεστειλαν

- 12 Bann moun sa yo leve dèyè m', y'ap fè m' kouri. Yo lage dèyè m' pou yo pran m'.
The lines of his men of war put themselves in order, and make high their ways of destruction against me:
ἐπὶ δεξιῶν βλαστοῦ ἐπανεστήσαν πόδα αὐτῶν ἐξέτειναν καὶ ὄδοποίησαν ἐπ' ἐμὲ τρίβους ἀπωλείας αὐτῶν
- 13 Yo sènen m' toupatou pou yo ka fini avè m'. Pa gen pesonn pou di yo pa fè sa.
They have made waste my roads, with a view to my destruction; his bowmen come round about me;
ἐξετρίβησαν τρίβοι μου ἐξέδυσεν γὰρ μου τὴν στολήν
- 14 Yo pase nan fant barikad, yo tonbe sou mwen. Yo pilonnen m' anba pye yo.
As through a wide broken place in the wall they come on, I am overturned by the shock of their attack.
βέλεσιν αὐτοῦ κατηκόντισέν με κέχρηταί μοι ὡς βούλεται ἐν ὀδύναις πέφυρμαι
- 15 ¶ Yon sèl latranblad pran mwen. Tankou yon kout van li kraze kouraj mwen. Tankou yon nwaj k'ap pase, tout byen m' yo disparèt.
Fears have come on me; my hope is gone like the wind, and my well-being like a cloud.
ἐπιστρέφονται δέ μου αἱ ὀδύναι ὄχρετό μου ἢ ἐλπίς ὥσπερ πνεῦμα καὶ ὥσπερ νέφος ἡ σωτηρία μου
- 16 Koulye a, mwen prèt pou m' mouri. Laflikasyon ap fini avè m'.
But now my soul is turned to water in me, days of trouble overtake me:
καὶ νῦν ἐπ' ἐμὲ ἐκχυθήσεται ἡ ψυχή μου ἔχουσιν δέ με ἡμέραι ὀδυνῶν
- 17 Lannwit, tout zo nan kò m' ap fè m' mal. Doulè ap manje m' anndan san rete.
The flesh is gone from my bones, and they give me no rest; there is no end to my pains.
νυκτὶ δέ μου τὰ ὀστᾶ συγκέκασται τὰ δὲ νεῦρά μου διαλέλυται
- 18 Bondye ponyen m' nan kòlèt, l'ap chifonnen tout rad sou mwen.
With great force he takes a grip of my clothing, pulling me by the neck of my coat.
ἐν πολλῇ ἰσχύϊ ἐπελάβετό μου τῆς στολῆς ὥσπερ τὸ περιστόμιον τοῦ χιτῶνός μου περιέσχεν με
- 19 Li voye m' jete nan labou. Mwen pa pi bon pase pousyè tè ak sann dife.
Truly God has made me low, even to the earth, and I have become like dust.
ἤγησαι δέ με ἴσα πηλῶ ἐν γῆ καὶ σποδῶ μου ἡ μερίς
- 20 Mwen rele nan pye ou, Bondye! Ou pa reponn mwen. Mwen kanpe devan ou, ou pa okipe m' menm.
You give no answer to my cry, and take no note of my prayer.
κέκραγα δὲ πρὸς σὲ καὶ οὐκ εἰσακούεις μου ἔστησαν καὶ κατενόησάν με
- 21 Ou pa menm moun lan ankò. W'ap malmennen m'. Ou soti pou pèsekite m' ak tout fòs ou.
You have become cruel to me; the strength of your hand is hard on me.
ἐπέβης δέ μοι ἀνελεημόνως χειρὶ κραταιᾷ με ἐμαστίγωσας
- 22 Ou fè van pote m' ale. M'ap vole tankou pay. Ou voye yon van tanpèt boulvèse m'.
Lifting me up, you make me go on the wings of the wind; I am broken up by the storm.
ἔταξας δέ με ἐν ὀδύναις καὶ ἀπέρριψάς με ἀπὸ σωτηρίας
- 23 Wi, mwen konnen byen pwòp w'ap mennen m' pou m' al mouri, pou m' al sibi sò k'ap tann tout moun lan.
For I am certain that you will send me back to death, and to the meeting-place ordered for all living.
οἶδα γὰρ ὅτι θάνατός με ἐκτρίψει οἰκία γὰρ παντὶ θνητῶ γῆ
- 24 Poukisa w'ap atake yon moun ki tou fin mouri, yon moun ki pa ka fè anyen ankò pase mande padon?
Has not my hand been stretched out in help to the poor? have I not been a saviour to him in his trouble?
εἰ γὰρ ὄφελον δυναίμην ἐμαντὸν χειρώσασθαι ἢ δεηθείς γε ἐτέρου καὶ ποιήσει μοι τοῦτο
- 25 Eske mwen pa t' nan lapenn ansanm ak moun ki te nan mizè? Eske kè m' pa t' fè m' mal pou moun ki pa t' gen anyen menm yo?
Have I not been weeping for the crushed? and was not my soul sad for him who was in need?
ἐγὼ δὲ ἐπὶ παντὶ ἀδυνάτῳ ἐκλαυσα ἐστέναξα δὲ ἰδὼν ἄνδρα ἐν ἀνάγκαις

- 26 Mwen t'ap tann kontantman, se malè ki vini. Mwen t'ap tann limyè, se fènwa ki kouvri m'.
For I was looking for good, and evil came; I was waiting for light, and it became dark.
ἐγὼ δὲ ἐπέχων ἀγαθοῖς ἰδοῦ συνήντησάν μοι μᾶλλον ἡμέραι κακῶν
- 27 Tout zantray mwen ap bouyi san rete. Chak jou m'ap soufri pi rèd.
My feelings are strongly moved, and give me no rest; days of trouble have overtaken me.
ἡ κοιλία μου ἐξέξερσεν καὶ οὐ σιωπήσεται προέφθασάν με ἡμέραι πτωχείας
- 28 M'ap mache kagou, san pesonn pou konsole m'. Mwen kanpe nan mitan tout moun, m'ap mande sekou.
I go about in dark clothing, uncomforted; I get up in the public place, crying out for help.
στένων πεπόρευμαι ἄνευ φιμοῦ ἔστηκα δὲ ἐν ἐκκλησίᾳ κεκραγώς
- 29 Vwa mwen tankou vwa koukou. Mwen rele tankou frize.
I have become a brother to the jackals, and go about in the company of ostriches.
ἀδελφὸς γέγονα σειρήνων ἐταῖρος δὲ στρουθῶν
- 30 Po m' vin tou nwa, l'ap dekafe. Lafyèb ap manje m' nan zo.
My skin is black and dropping off me; and my bones are burning with the heat of my disease.
τὸ δὲ δέρμα μου ἐσκοτῶται μεγάλως τὰ δὲ ὀστά μου ἀπὸ καύματος
- 31 Lontan se mizik gita ak fif ase ki te nan zòrèy mwen. Men, koulye a, se plenn, se kriye ase m'ap tande.
And my music has been turned to sorrow, and the sound of my pipe into the noise of weeping.
ἀπέβη δὲ εἰς πάθος μου ἡ κιθάρα ὃ δὲ ψαλμὸς μου εἰς κλαυθμὸν ἐμοί
- 1 ¶ Mwen te fè sèman pou m' pa janm gade yon jenn fi avèk move lide.
I made an agreement with my eyes; how then might my eyes be looking on a virgin?
διαθήκην ἐθέμην τοῖς ὀφθαλμοῖς μου καὶ οὐ συνήσω ἐπὶ παρθένον
- 2 Kisa Bondye ki anwo a ap fè nou konsa? Kisa Bondye ki gen tout pouvwa a sere pou nou?
For what is God's reward from on high, or the heritage given by the Ruler of all from heaven?
καὶ τί ἐμέρισεν ὁ θεὸς ἀπάνωθεν καὶ κληρονομία ἱκανοῦ ἐξ ὑψίστων
- 3 Li voye malè pou moun ki pa mache dwat. Li voye tribilasyon pou moun k'ap fè mechanste.
Is it not trouble for the sinner, and destruction for the evil-doers?
οὐχὶ ἀπώλεια τῷ ἀδίκῳ καὶ ἀπαλλοτριώσις τοῖς ποιῶσιν ἀνομίαν
- 4 Eske Bondye pa konnen tou sa n'ap fè? Eske li pa wè tout vire tounen m'?
Does he not see my ways, and are not my steps all numbered?
οὐχὶ αὐτὸς ὄψεται ὁδὸν μου καὶ πάντα τὰ διαβήματά μου ἐξαριθμησεται
- 5 Eske mwen janm nan bay manti? Eske mwen janm chache twonpe moun?
If I have gone in false ways, or my foot has been quick in working deceit;
εἰ δὲ ἤμην πεπορευμένος μετὰ γελουαστῶν εἰ δὲ καὶ ἐσπούδασεν ὁ πούς μου εἰς δόλον
- 6 Se pou Bondye peze m' nan bon balans li a. Se pou Bondye wè jan m' toujou mache dwat.
(Let me be measured in upright scales, and let God see my righteousness:)
ἴσταίη με ἄρα ἐν ζυγῷ δικαίῳ οἶδεν δὲ ὁ κύριος τὴν ἀκακίαν μου
- 7 Si mwen janm pran chemen kwochi pou mwen, si mwen te kite lanvi anvayi kè m', si mwen janm mete men m' nan sa ki mal,
If my steps have been turned out of the way, or if my heart went after my eyes, or if the property of another is in my hands;
εἰ ἐξέκλινεν ὁ πούς μου ἐκ τῆς ὁδοῦ εἰ δὲ καὶ τῷ ὀφθαλμῷ ἐπηκολούθησεν ἡ καρδία μου εἰ δὲ καὶ ταῖς χερσίν μου ἠψάμην δώρων
- 8 se pou lòt moun rekòlte sa mwen plante. Se pou yo rache tout ti plant k'ap pouse nan jaden m'.
Let me put seed in the earth for another to have the fruit of it, and let my produce be uprooted.
σπείρωμαι ἄρα καὶ ἄλλοι φάγοισαν ἄρριζος δὲ γενοίμην ἐπὶ γῆς

- 9 ¶ Si mwen te kite yon lòt fanm pran tèt mwen, pou m' al kache devan pòt yon frè mwen ap veye,
If my heart went after another man's wife, or if I was waiting secretly at my neighbour's door;
 εἰ ἐξηκολούθησεν ἡ καρδία μου γυναικὶ ἀνδρὸς ἑτέρου εἰ καὶ ἐγκάθετος ἐγενόμην ἐπὶ θύραις αὐτῆς
- 10 se pou madanm mwen fè manje pou yon lòt gason. Se pou lòt gason kouche avè l'.
Then let my wife give pleasure to another man and let others make use of her body.
 ἀρέσαι ἄρα καὶ ἡ γυνὴ μου ἑτέρῳ τὰ δὲ νήπιά μου ταπεινωθεῖη
- 11 Se yon gwo bagay sal mwen ta fè la a. Se bagay pou yo ta touye m'.
For that would be a crime; it would be an act for which punishment would be measured out by the judges:
 θυμὸς γὰρ ὀργῆς ἀκατάσχετος τὸ μιᾶναι ἀνδρὸς γυναῖκα
- 12 Se ta tankou yon gwo dife mwen limen pou fini avè m' nèt. Li ta boule dènye sa m' genyen.
It would be a fire burning even to destruction, and taking away all my produce.
 πῦρ γὰρ ἐστὶν καιόμενον ἐπὶ πάντων τῶν μερῶν οὗ δ' ἂν ἐπέλθῃ ἐκ ριζῶν ἀπώλεσεν
- 13 Lè domestik mwen osinon sèvant mwen gen kont avè m', si mwen ta refize mete rezon an kote l' ye a,
If I did wrong in the cause of my man-servant, or my woman-servant, when they went to law with me;
 εἰ δὲ καὶ ἐφάυλισα κρίμα θεράποντός μου ἢ θεραπαίνης κρινομένων αὐτῶν πρὸς με
- 14 kisa mwen ta fè, lè Bondye parèt devan m'? Lè l'a mande m' kont, kisa m'a reponn li?
What then will I do when God comes as my judge? and what answer may I give to his questions?
 τί γὰρ ποιήσω ἐὰν ἔτασίν μου ποιήσῃται ὁ κύριος ἐὰν δὲ καὶ ἐπισκοπήν τίνα ἀπόκρισιν ποιήσομαι
- 15 Menm Bondye ki fè m' nan vant manman m' lan, se li menm tou ki fè yo nan vant manman pa yo. Se li menm ki kreye nou tout.
Did not God make him as well as me? did he not give us life in our mothers' bodies?
 πότερον οὐχ ὡς καὶ ἐγὼ ἐγενόμην ἐν γαστρὶ καὶ ἐκεῖνοι γεγόνασιν γεγόναμεν δὲ ἐν τῇ αὐτῇ κοιλίᾳ
- 16 ¶ Mwen pa janm refize ede yon pòv. Ni mwen pa janm kite vèy yo nan nesosite.
If I kept back the desire of the poor; if the widow's eye was looking for help to no purpose;
 ἀδύνατοι δὲ χρεῖαν ἦν ποτ' εἶχον οὐκ ἀπέτυχον χήρας δὲ τὸν ὀφθαλμὸν οὐκ ἐξέτηξα
- 17 Mwen pa janm kite timoun san papa yo rete grangou pou m'ap manje manje m' pou kont mwen.
If I kept my food for myself, and did not give some of it to the child with no father;
 εἰ δὲ καὶ τὸν ψωμόν μου ἔφαγον μόνος καὶ οὐχὶ ὀρφανῶ μετέδωκα
- 18 Okontrè, depi m' fèt, m' sèvi ak timoun sa yo tankou papa ak pitit. Depi m' soti nan vant manman m', m'ap pran swen vèy yo.
(For I was cared for by God as by a father from my earliest days; he was my guide from the body of my mother;)
 ὅτι ἐκ νεότητός μου ἐξέτρεφον ὡς πατὴρ καὶ ἐκ γαστρὸς μητρὸς μου ὠδήγησα
- 19 Lè m' jwenn yon malere toutouni osinon yon pòv endijan san yon bout dra,
If I saw one near to death for need of clothing, and that the poor had nothing covering him;
 εἰ δὲ καὶ ὑπερεῖδον γυμνὸν ἀπολλύμενον καὶ οὐκ ἡμφίασα
- 20 mwen ba yo rad pou mete sou yo, mwen pran lenn sou do mouton m' pou m' ba yo chofe.
If his back did not give me a blessing, and the wool of my sheep did not make him warm;
 ἀδύνατοι δὲ εἰ μὴ εὐλόγησάν με ἀπὸ δὲ κουρᾶς ἁμνῶν μου ἐθερμάνθησαν οἱ ὄμοι αὐτῶν
- 21 Si m' te janm aji mal ak yon timoun san papa paske mwen konnen y'a toujou ban m' rezon nan tribinal,
If my hand had been lifted up against him who had done no wrong, when I saw that I was supported by the judges;
 εἰ ἐπῆρα ὀρφανῶ χεῖρα πεποιθὼς ὅτι πολλή μοι βοήθεια περιέστιν
- 22 enben, se pou zepòl mwen dejwente, se pou de bra m' kase.
May my arm be pulled from my body, and be broken from its base.
 ἀποσταίη ἄρα ὁ ὄμος μου ἀπὸ τῆς κλειδός ὃ δὲ βραχίον μου ἀπὸ τοῦ ἀγκῶνός μου συντριβεῖη

- 23 Paske, mwen pè jijman Bondye. Mwen pa ka kanpe devan l'.
For the fear of God kept me back, and because of his power I might not do such things.
φόβος γὰρ κυρίου συνέσχευε με καὶ ἀπὸ τοῦ λήμματος αὐτοῦ οὐχ ὑπόισω
- 24 ¶ Mwen pa janm mete konfyans mwen nan lò pou m' ta di se sa k'ap pwoteje m'.
If I made gold my hope, or if I ever said to the best gold, I have put my faith in you;
εἰ ἔταξα χρυσίον ἰσχύον μου εἰ δὲ καὶ λίθω πολυτελεῖ ἐπεποιθήσα
- 25 Mwen pa janm vante tèt mwen dèske mwen gen anpil byen, dèske mwen fè anpil lajan ak men mwen.
If I was glad because my wealth was great, and because my hand had got together a great store;
εἰ δὲ καὶ εὐφράνθηον πολλοῦ πλοῦτου μοι γενομένου εἰ δὲ καὶ ἐπ' ἀναριθμήτοις ἐθέμην χειρὰ μου
- 26 Mwen pa janm adore solèy ak lalin lè yo klere byen bèl nan syèl la.
If, when I saw the sun shining, and the moon moving on its bright way,
ἢ οὐχ ὀρώ μὲν ἥλιον τὸν ἐπιφάσκοντα ἐκλείποντα σελήνην δὲ φθίνουσαν οὐ γὰρ ἐπ' αὐτοῖς ἐστιν
- 27 Mwen pa janm pèdi tèt mwen pou m' sèvi yo an kachèt.
A secret feeling of worship came into my heart, and my hand gave kisses from my mouth;
καὶ εἰ ἐπατήθη λάθρα ἡ καρδία μου εἰ δὲ καὶ χειρὰ μου ἐπιθεῖς ἐπὶ στόματί μου ἐφίλησα
- 28 Sa a tou, yo ta mèt touye m' si m' ta fè l', paske mwen ta nye Bondye ki gen tout pouvwa a.
That would have been another sin to be rewarded with punishment by the judges; for I would have been false to God on high.
καὶ τοῦτό μοι ἄρα ἀνομία ἡ μεγίστη λογισθεῖη ὅτι ἐψευσάμην ἐναντίον κυρίου τοῦ ὑψίστου
- 29 Mwen pa janm kontan lè lènmi m' ap souffri. Mwen pa janm fè fèt lè malè tonbe sou yo.
If I was glad at the trouble of my hater, and gave cries of joy when evil overtook him;
εἰ δὲ καὶ ἐπιχαρῆς ἐγενόμην πτώματι ἐχθρῶν μου καὶ εἶπεν ἡ καρδία μου εὗγε
- 30 Mwen pa janm kite bouch mwen chape pou m' ta ba yo madichon, pou m' ta rive mande lanmò pou yo.
(For I did not let my mouth give way to sin, in putting a curse on his life;)
ἀκούσαι ἄρα τὸ οὖς μου τὴν κατάραν μου θρυληθεῖην δὲ ἄρα ὑπὸ λαοῦ μου κακούμενος
- 31 Tout moun k'ap viv nan kay avè m' konnen mwen toujou byen resevwa tout moun lakay mwen.
If the men of my tent did not say, Who has not had full measure of his meat?
εἰ δὲ καὶ πολλὰκις εἶπον αἱ θεράπαιναι μοι τίς ἂν δόξῃ ἡμῖν τῶν σαρκῶν αὐτοῦ πλησθῆναι λίαν μου χρηστοῦ ὄντος
- 32 Vwayajè pa janm dòmi deyò nan lari. Pòt kay mwen toujou louvri pou yo.
The traveller did not take his night's rest in the street, and my doors were open to anyone on a journey;
ἔξω δὲ οὐκ ἠϋλίζετο ξένος ἡ δὲ θύρα μου παντὶ ἐλθόντι ἀνέφικτο
- 33 ¶ Mwen pa janm kache peche m' pou pesonn. Ni mwen pa janm fè sa ki mal an kachèt.
If I kept my evil doings covered, and my sin in the secret of my breast,
εἰ δὲ καὶ ἁμαρτῶν ἀκουσίσως ἔκρυψα τὴν ἁμαρτίαν μου
- 34 Mwen pa janm pè sa moun ap di. Mwen pa janm pè louvri bouch mwen ni pè mete pwent tèt mwen deyò, paske mwen ta pè pou moun pa lonje dwèt sou mwen.
For fear of the great body of people, or for fear that families might make sport of me, so that I kept quiet, and did not go out of my door;
οὐ γὰρ διετράπηον πολλοχλίαν πλήθους τοῦ μὴ ἐξαγορευεῖσαι ἐνώπιον αὐτῶν εἰ δὲ καὶ εἴασα ἀδύνατον ἐξελεθεῖν θύραν μου κόλπῳ κενῷ
- 35 Pa gen pesonn pou koute sa m'ap di la a? Mwen fin di sa pou m' di a. Koulye a, se Bondye ki pou reponn mwen. Si moun ki pa vle wè m' lan ta voye papye nan tribinal pou mwen,
If only God would give ear to me, and the Ruler of all would give me an answer! or if what he has against me had been put in writing!
τίς δόξῃ ἀκούοντά μου χεῖρα δὲ κυρίου εἰ μὴ ἐδεδοίκειν συγγραφῆν δέ ἦν εἶχον κατὰ τινος
- 36 mwen ta pote papye sa a sou zepòl mwen san ankenn wont. Mwen ta mare l' sou tèt mwen, tankou yon kouwòn.
Truly I would take up the book in my hands; it would be to me as a crown;
ἐπ' ὄμοις ἂν περιθέμενος στέφανον ἀνεγίνωσκον

- 37 Mwen ta di Bondye dènye sa mwen fè. Mwen ta kenbe tèt mwen dwat devan l'.
I would make clear the number of my steps, I would put it before him like a prince! The words of Job are ended.
καὶ εἰ μὴ ῥήξας αὐτὴν ἀπέδωκα οὐθὲν λαβὼν παρὰ χρεοφειλέτου
- 38 Si se vòlò mwen te vòlò tè m'ap travay la kifè koulye a tè a ap mande m' kont,
If my land has made an outcry against me, or the ploughed earth has been in sorrow;
εἰ ἐπ' ἐμοὶ ποτε ἡ γῆ ἐστέναξεν εἰ δὲ καὶ οἱ αὐλακες αὐτῆς ἐκλαυσαν ὁμοθυμαδόν
- 39 si mwen te manje rekòt jaden an san peye travayè yo kifè koulye a y'ap pote plent pou mwen,
If I have taken its produce without payment, causing the death of its owners;
εἰ δὲ καὶ τὴν ἰσχὺν αὐτῆς ἔφαγον μόνος ἄνευ τιμῆς εἰ δὲ καὶ ψυχὴν κυρίου τῆς γῆς ἐκβαλὼν ἐλόπησα
- 40 enben, se pikan ak chadwon ki pou leve nan jaden m' kote ble ak lòj te konn pou. Se konsa Jòb te fin pale.
Then in place of grain let thorns come up, and in place of barley evil-smelling plants.
ἀντὶ πυροῦ ἄρα ἐξέλθοι μοι κνίδη ἀντὶ δὲ κριθῆς βάτος καὶ ἐπαύσατο ἰωβ ῥήμασιν
- 1 ¶ Jòb te sitèlman sèten li te inonsan, twa mesye yo kite sa, yo pa chache reponn li ankò.
So these three men gave no more answers to Job, because he seemed to himself to be right.
ἡσύχασαν δὲ καὶ οἱ τρεῖς φίλοι αὐτοῦ ἔτι ἀντειπεῖν ἰωβ ἦν γὰρ ἰωβ δίκαιος ἐναντίον αὐτῶν
- 2 Men, Eliyou ki te kanpe la fè yon sèl kòlè. Eliyou sa a, se pitit Barakèl, moun fanmi Bouz, nan branch fanmi Ranm lan. Li fè yon sèl kòlè sou Jòb, paske Jòb t'ap bay tèt li rezon, li t'ap bay Bondye tò.
And Elihu, the son of Barachel the Buzite, of the family of Ram, was angry, burning with wrath against Job, because he seemed to himself more right than God;
ὀργίσθη δὲ ἐλιους ὁ τοῦ βαραχιηλ ὁ βουζίτης ἐκ τῆς συγγενείας ραμ τῆς αυσίτιδος χώρας ὀργίσθη δὲ τῷ ἰωβ σφόδρα διότι ἀπέφηεν ἑαυτὸν δίκαιον ἐναντίον κυρίου
- 3 Li te ankòlè sou twa zanmi Jòb yo tou. Yo pa t' jwenn anyen pou yo reponn Jòb. Konsa, yo menm tou, se Bondye yo te bay tout tò a.
And he was angry with his three friends, because they had been unable to give him an answer, and had not made Job's sin clear.
καὶ κατὰ τῶν τριῶν δὲ φίλων ὀργίσθη σφόδρα διότι οὐκ ἠδυνήθησαν ἀποκριθῆναι ἀντίθετα ἰωβ καὶ ἔθεντο αὐτὸν εἶναι ἄσεβῆ
- 4 Antan yo twa a t'ap pale, Eliyou te rete la san di anyen, paske yo te pi gran pase l'.
Now Elihu had kept quiet while Job was talking, because they were older than he;
ἐλιους δὲ ὑπέμεινεν δοῦναι ἀπόκρισιν ἰωβ ὅτι πρεσβύτεροι αὐτοῦ εἰσιν ἡμέρας
- 5 Lè li wè mesye yo pa t' jwenn anyen ankò pou reponn Jòb, li fè yon sèl kòlè.
And when Elihu saw that there was no answer in the mouth of the three men, he was very angry.
καὶ εἶδεν ἐλιους ὅτι οὐκ ἔστιν ἀπόκρισις ἐν στόματι τῶν τριῶν ἀνδρῶν καὶ ἐθυμώθη ὀργὴ αὐτοῦ
- 6 ¶ Li pran lapawòl, li di konsa: -Mwen menm, se jenn gason mwen ye. Nou menm, se granmoun nou ye. Se poutèt sa mwen te yon ti jan wont. Mwen te pè antre nan koze a.
And Elihu, the son of Barachel the Buzite, made answer and said, I am young, and you are very old, so I was in fear, and kept myself from putting my knowledge before you.
ὕπολαβὼν δὲ ἐλιους ὁ τοῦ βαραχιηλ ὁ βουζίτης εἶπεν νεώτερος μὲν εἰμι τῷ χρόνῳ ὑμεῖς δὲ ἔστε πρεσβύτεροι διὸ ἡσύχασα φοβηθεὶς τοῦ ὑμῖν ἀναγγεῖλαι τὴν ἔμμαντοῦ ἐπιστήμημ
- 7 Mwen t'ap di nan kè m': Kite granmoun pale! Kite sa ki gen laj sou tèt yo mete bon konprann yo deyò.
I said to myself, It is right for the old to say what is in their minds, and for those who are far on in years to give out wisdom.
εἶπα δὲ ὅτι ὁ χρόνος ἔστιν ὁ λαλῶν ἐν πολλοῖς δὲ ἔτεσιν οἶδασιν σοφίαν
- 8 Men, pou di vre, se lespri Bondye ki gen tout pouwva a sèl ki pou antre nan tèt yon moun pou ba li bon konprann!
But truly it is the spirit in man, even the breath of the Ruler of all, which gives them knowledge.
ἀλλὰ πνεῦμά ἐστιν ἐν βροτοῖς πνοὴ δὲ παντοκράτορός ἐστιν ἡ διδάσκουσα
- 9 Se pa laj ki bay moun bon konprann. Se pa cheve blan ki fè moun konnen sa ki dwat.
It is not the old who are wise, and those who are full of years have not the knowledge of what is right.
οὐχ οἱ πολυχρόνιοι εἰσιν σοφοὶ οὐδ' οἱ γέροντες οἶδασιν κρίμα
- 10 Koulye a, mwen ta renmen nou koute m'. Kite m' di nou sa m' konnen sou koze a.
So I say, Give ear to me, and I will put forward my knowledge.
διὸ εἶπα ἀκούσατέ μου καὶ ἀναγγεῖλω ὑμῖν ἃ οἶδα

- 11 Mwen tande byen tande tou sa nou di. Mwen te louvri zòrèy mwen gran louvri pou m' pa manke anyen nan pawòl nou yo, pandan n'ap chache mo pou nou di.
I was waiting for your words, I was giving ear to your wise sayings; while you were searching out what to say,
ἐνωτίξεσθέ μου τὰ ῥήματα ἐρῶ γὰρ ὑμῶν ἀκούοντων ἄχρι οὗ ἐτάσητε λόγους
- 12 Mwen t'ap swiv sa n'ap di. Men, yonn nan nou pa rive fè Jòb fèmen bouch li. Nou yonn pa rive demanti msye.
I was taking note; and truly not one of you was able to make clear Job's error, or to give an answer to his words.
καὶ μέχρι ὑμῶν συνήσω καὶ ἰδοὺ οὐκ ἦν τῷ ἰωβ ἐλέγχων ἀνταποκρινόμενος ῥήματα αὐτοῦ ἐξ ὑμῶν
- 13 Pa vin di m' nou konprann koulye a se Bondye ki pou reponn. Lèzòm pa kapab.
Take care that you do not say, Wisdom is here; God may overcome him, but not man.
ἴνα μὴ εἴπητε εὐρομεν σοφίαν κυρίῳ προσθέμενοι
- 14 Se avè nou Jòb t'ap pale. Se pa avè m'. Konsa, mwen pral reponn msye yon lòt jan.
I will not put forward words like these, or make use of your sayings in answer to him.
ἀνθρώπῳ δὲ ἐπετρέψατε λαλῆσαι τοιαῦτα ῥήματα
- 15 ¶ Jòb, ou wè mesye yo pa konn sa pou yo di ou. Yo pa jwenn anyen pou reponn ou ankò.
Fear has overcome them, they have no more answers to give; they have come to an end of words.
ἐπτόθησαν οὐκ ἀπεκρίθησαν ἔτι ἐπαλαίωσαν ἐξ αὐτῶν λόγους
- 16 Mwen t'ap tann yo. Men, koulye a yo fèmen bouch yo. Yo sispann pale, yo pa reponn ou.
And am I to go on waiting while they have nothing to say? while they keep quiet and give no more answers?
ὑπέμεινα οὐ γὰρ ἐλάλησαν ὅτι ἔστησαν οὐκ ἀπεκρίθησαν
- 17 Atòkile, se mwen ki pral pale, mwen pral di ou sa m' konnen nan koze a.
I will give my answer; I will put forward my knowledge:
ὑπολαβὼν δὲ ελιους λέγει
- 18 Mwen plen pawòl nan bouch mwen. Si m' pa pale m'a toufe.
For I am full of words, I am unable to keep in my breath any longer:
πάλιν λαλήσω πλήρης γὰρ εἰμι ῥημάτων ὀλέκει γὰρ με τὸ πνεῦμα τῆς γαστρούς
- 19 Pawòl ki nan tèt mwen, ou ta di yon diven k'ap fèmanje. Li prèt pou pete veso kote l' ye a.
My stomach is like wine which is unable to get out; like skins full of new wine, it is almost burst.
ἢ δὲ γαστήρ μου ὥσπερ ἀσκὸς γλεύκουζ ζέων δεδεμένος ἢ ὥσπερ φουσητήρ χαλκέος ἐρρηγῶς
- 20 Se pou m' pale pou m' ka soulaje konsyans mwen. Se pou m' louvri bouch mwen reponn ou.
Let me say what is in my mind, so that I may get comfort; let me give answer with open mouth.
λαλήσω ἵνα ἀναπαύσωμαι ἀνοίξας τὰ χεῖλη
- 21 Mwen p'ap pran defans pyès moun. Mwen pa pral achte figi nou yonn la a.
Let me not give respect to any man, or give names of honour to any living.
ἀνθρώπον γὰρ οὐ μὴ αἰσχυρθῶ ἀλλὰ μὴν οὐδὲ βροτὸν οὐ μὴ ἐντραπῶ
- 22 Mwen pa konn flate moun. Lèfini, si m' ta fè sa, Bondye ki kreye m' lan ta disparèt mwen lapoula.
For I am not able to give names of honour to any man; and if I did, my Maker would quickly take me away.
οὐ γὰρ ἐπίσταμαι θαυμάσαι πρόσωπον εἰ δὲ μὴ καὶ ἐμὲ σῆτες ἔδονται
- 1 ¶ Atòkile, Jòb, tanpri, koute sa m'ap di ou. Louvri zòrèy ou byen pou ou tande m'.
And now, O Job, give ear to my words, and take note of all I say.
οὐ μὴν δὲ ἀλλὰ ἄκουσον ἰωβ τὰ ῥήματά μου καὶ λαλιὰν ἐνωτίξου μου
- 2 M' pare pou m' di dènne sa ki vin nan bouch mwen.
See, now my mouth is open, my tongue gives out words.
ἰδοὺ γὰρ ἤνοιξα τὸ στόμα μου καὶ ἐλάλησεν ἡ γλῶσσά μου

- 3 M' pral di tou sa ki nan kè m'. Se verite a tou senp mwen pral pale.
My heart is overflowing with knowledge, my lips say what is true.
καθαρά μου ἡ καρδία ῥήμασιν σύνεσις δὲ χειλέων μου καθαρά νοήσει
- 4 Se lespri Bondye a ki fè m'. Se souf Bondye ki gen tout pouvwa a ki ban m' lavi.
The spirit of God has made me, and the breath of the Ruler of all gives me life.
πνεῦμα θεῖον τὸ ποιήσάν με πνοή δὲ παντοκράτορος ἡ διδάσκουσά με
- 5 Si ou kapab, w'a reponn mwen. Pare kò ou. Pran pozisyon batay ou avè m'.
If you are able, give me an answer; put your cause in order, and come forward.
ἐὰν δύνη δός μοι ἀπόκρισιν πρὸς ταῦτα ὑπόμεινον στήθι κατ' ἐμὲ καὶ ἐγὼ κατὰ σέ
- 6 Ou menm avè m', devan Bondye nou tout se menm. Nou tou de, se ak labou li fè nou.
See, I am the same as you are in the eyes of God; I was cut off from the same bit of wet earth.
ἐκ πηλοῦ διήρτισαι σὺ ὡς καὶ ἐγὼ ἐκ τοῦ αὐτοῦ διηρτίσμεθα
- 7 Ou wè! Ou pa bezwen pè m'! Mwen pa ka fè ou anyen!
Fear of me will not overcome you, and my hand will not be hard on you.
οὐχ ὁ φόβος μου σε στροβήσει οὐδὲ ἡ χεὶρ μου βαρεῖα ἔσται ἐπὶ σοί
- 8 ¶ Mwen te tande ou ak de zòrèy mwen. Ki jan ou fè ka di:
But you said in my hearing, and your voice came to my ears:
πλὴν εἶπας ἐν ὧσίν μου φωνὴν ῥημάτων σου ἀκήκωα
- 9 Mwen menm, mwen inonsan. M' pa fè ankenn peche! M' pa gen anyen sou konsyans mwen.
I am clean, without sin; I am washed, and there is no evil in me:
διότι λέγεις καθαρὸς εἰμι οὐχ ἁμαρτῶν ἄμεμπτος δὲ εἰμι οὐ γὰρ ἠνόμησα
- 10 Men, se Bondye ki pretann mwen ba l' jwen pou l' atake m'. Se li menm k'ap aji avè m' tankou si mwen te lènmi l'.
See, he is looking for something against me; in his eyes I am as one of his haters;
μέμνιν δὲ κατ' ἐμοῦ εὔρεν ἡγῆται δέ με ὥσπερ ὑπεναντίον
- 11 Li mete de pye m' nan sèp. L'ap veye tou sa m'ap fè.
He puts chains on my feet; he is watching all my ways.
ἔθετο δὲ ἐν ζύλῳ τὸν πόδα μου ἐφύλαξεν δέ μου πάσας τὰς ὁδοὺς
- 12 La, Jòb monchè, m'ap reponn ou: ou antò. Paske Bondye pa kanmarad moun.
Truly, in saying this you are wrong; for God is greater than man.
πῶς γὰρ λέγεις δίκαιός εἰμι καὶ οὐκ ἐπακήκοέν μου αἰώνιος γὰρ ἔστιν ὁ ἐπάνω βροτῶν
- 13 Poukisa w'ap chache Bondye kont konsa? Se paske li pa reponn lè w'ap plenyen nan pye l'?
Why do you put forward your cause against him, saying, He gives no answer to any of my words?
λέγεις δὲ διὰ τί τῆς δίκης μου οὐκ ἐπακήκοεν πᾶν ῥῆμα
- 14 ¶ Bondye pale divès jan. Men, pesonn pa okipe sa l'ap di.
For God gives his word in one way, even in two, and man is not conscious of it:
ἐν γὰρ τῷ ἅπαξ λαλήσαι ὁ κύριος ἐν δὲ τῷ δευτέρῳ ἐνύπνιον
- 15 Lè moun kouché nan kabann yo, lè yo fon nan dòmi lannwit, Bondye pale ak yo nan rèv, nan vizyon.
In a dream, in a vision of the night, when deep sleep comes on men, while they take their rest on their beds;
ἢ ἐν μελέτῃ νυκτερινῇ ὡς ὅταν ἐπιπίπτη δεινὸς φόβος ἐπ' ἀνθρώπους ἐπὶ νυσταγμάτων ἐπὶ κοίτης
- 16 Li fè yo konnen sa li gen pou l' di yo. Li ba yo avètisman pou yo mache sou piga yo.
Then he makes his secrets clear to men, so that they are full of fear at what they see;
τότε ἀνακαλύπτει νοῦν ἀνθρώπων ἐν εἶδεσιν φόβου τοιοῦτοῖς αὐτοὺς ἐξεφόβησεν

- 17 Li vle pou yo kite move chemen y'ap swiv la, pou yo pa kite lògèy vire tèt yo.
In order that man may be turned from his evil works, and that pride may be taken away from him;
ἀποστρέψαι ἄνθρωπον ἐξ ἀδικίας τὸ δὲ σῶμα αὐτοῦ ἀπὸ πτώματος ἐρρύσατο
- 18 Konsa, yo p'ap mourì. Y'a sove lavi yo.
To keep back his soul from the underworld, and his life from destruction.
ἐφείσατο δὲ τῆς ψυχῆς αὐτοῦ ἀπὸ θανάτου καὶ μὴ πεσεῖν αὐτὸν ἐν πολέμῳ
- 19 ¶ Bondye avèti moun tou lè li voye maladi sou yo. Li ba yo doulè nan tout kò yo.
Pain is sent on him as a punishment, while he is on his bed; there is no end to the trouble in his bones;
πάλιν δὲ ἤλεγξεν αὐτὸν ἐν μαλακίᾳ ἐπὶ κοίτης καὶ πλήθος ὀστέων αὐτοῦ ἐνάρκησεν
- 20 Li bay yo degoutans manje. Yo pèdi anvì manje menm lò manje a gou.
He has no desire for food, and his soul is turned away from delicate meat;
πᾶν δὲ βρωτὸν σίτου οὐ μὴ δύνηται προσδέξασθαι καὶ ἡ ψυχὴ αὐτοῦ βρώσιν ἐπιθυμῆσει
- 21 Y'ap depafini, tout moun wè jan y'ap vin mèg. Tout zo nan kò yo griyen.
His flesh is so wasted away, that it may not be seen, and his bones. ...
ἕως ἄν σαπῶσιν αὐτοῦ αἱ σάρκες καὶ ἀποδείξῃ τὰ ὀστᾶ αὐτοῦ κενά
- 22 Sa ki rete pou yo mourì a, pou y' ale nan peyi san chapo a pa anyen.
And his soul comes near to the underworld, and his life to the angels of death.
ἤγγισεν δὲ εἰς θάνατον ἡ ψυχὴ αὐτοῦ ἡ δὲ ζωὴ αὐτοῦ ἐν ᾗδη
- 23 Lè sa a, yon zanj Bondye ka vin bò kote l', yonn nan milyonven zanj Bondye yo ki la pou fè moun chonje devwa yo.
If now there may be an angel sent to him, one of the thousands which there are to be between him and God, and to make clear to man what is right for him;
ἐὰν ὧσιν χίλιοι ἄγγελοι θανατηφόροι εἰς αὐτῶν οὐ μὴ τρώσῃ αὐτὸν ἐὰν νοήσῃ τῆ καρδίᾳ ἐπιστραφεῖν ἐπὶ κύριον ἀναγγεῖλη δὲ ἄνθρωπῳ τὴν ἑαυτοῦ μέμψιν τὴν δὲ ἄνοιαν αὐτοῦ δεῖξῃ
- 24 Zanj lan va gen pitye pou li. L'a di Bondye: -Tanpri, pa kite l' mourì. M'ap peye pou sove lavi li.
And if he has mercy on him, and says, Let him not go down to the underworld, I have given the price for his life:
ἀνθῆξεται τοῦ μὴ πεσεῖν αὐτὸν εἰς θάνατον ἀνανεώσει δὲ αὐτοῦ τὸ σῶμα ὥσπερ ἀλοιφήν ἐπὶ τοίχου τὰ δὲ ὀστᾶ αὐτοῦ ἐμπλήσει μυελοῦ
- 25 Kò li va refè, l'a vin fre tankou lè l' te jenn.
Then his flesh becomes young again, and he comes back to the days of his early strength;
ἀπαλυνεῖ δὲ αὐτοῦ τὰς σάρκας ὥσπερ νηπίου ἀποκαταστήσει δὲ αὐτὸν ἀνδρωθέντα ἐν ἀνθρώποις
- 26 Li lapriyè Bondye, Bondye reponn li. li al adore Bondye ak kè kontan. Bondye padonnen l' devan tout moun.
He makes his prayer to God, and he has mercy on him; he sees God's face with cries of joy; he gives news of his righteousness to men;
εὐζήμενος δὲ πρὸς κύριον καὶ δεκτὰ αὐτῷ ἔσται εἰσελεύσεται δὲ προσώπῳ καθαρῷ σὺν ἐξηγορίᾳ ἀποδώσει δὲ ἀνθρώποις δικαιοσύνην
- 27 L'ap mache bay Bondye lwanj toupatou. L'ap di: -Mwen te peche, mwen te fè sa ki mal. Men, Bondye pa fè m' peye pou sa m' te fè a.
He makes a song, saying, I did wrong, turning from the straight way, but he did not give me the reward of my sin.
εἶτα τότε ἀπομέμψεται ἄνθρωπος αὐτὸς ἑαυτῷ λέγων οἶα συνετέλουν καὶ οὐκ ἄξια ἤτασέν με ὧν ἡμάρτων
- 28 Li egzante m' lannò. Li ban m' lavi ankò.
He kept my soul from the underworld, and my life sees the light in full measure.
σῶσον ψυχὴν μου τοῦ μὴ ἐλθεῖν εἰς διαφθοράν καὶ ἡ ζωὴ μου φῶς ὄψεται
- 29 ¶ Men tou sa Bondye ap fè, de fwa, twa fwa pou lèzòm,
Truly, God does all these things to man, twice and three times,
ἰδοὺ πάντα ταῦτα ἐργᾶται ὁ ἰσχυρὸς ὁδοῦς τρεῖς μετὰ ἀνδρός
- 30 pou l' pa kite yo mourì, pou l' ba yo lavi ak kè kontan.
Keeping back his soul from the underworld, so that he may see the light of life.
ἀλλ' ἐρρύσατο τὴν ψυχὴν μου ἐκ θανάτου ἵνα ἡ ζωὴ μου ἐν φωτὶ αἰνῇ αὐτόν

- 31 Koulve a, Jòb, louvri zòrèy ou! Koute byen sa m'ap di! Pe bouch ou la! Kite m' fin pale!
Take note O Job, give ear to me; keep quiet, while I say what is in my mind.
ἐνωτίζου ἰωβ καὶ ἄκουέ μου κώφευσον καὶ ἐγὼ εἰμι λαλήσω
- 32 Men, si ou gen kichòy ou vle di, pale; m'ap koute ou. Paske mwen ta vle ba ou rezon.
If you have anything to say, give me an answer; for it is my desire that you may be judged free from sin.
εἰ εἰσὶν λόγοι ἀποκριθῆτί μοι λάλησον θέλω γὰρ δικαιοθῆναί σε
- 33 Osinon, pe bouch ou, koute m' pito! Kite m' moutre ou sa ki rele gen bon konprann.
If not, give attention to me, and keep quiet, and I will give you wisdom.
εἰ μὴ σὺ ἄκουσόν μου κώφευσον καὶ διδάξω σε σοφίαν
- 1 ¶ Eliyou pran lapawòl ankò. Li di konsa:
And Elihu made answer and said,
ὑπολαβὼν δὲ ελιους λέγει
- 2 -Nou menm moun lespri yo, koute sa m'ap di nou! Nèg save yo, louvri zòrèy nou!
Give ear, you wise, to my words; and you who have knowledge, give attention to me;
ἀκούσατέ μου σοφοὶ ἐπιστάμενοι ἐνωτίζεσθε τὸ καλόν
- 3 Zòrèy konnen lè pawòl bèl menm jan bouch konnen lè manje gou.
For words are tested by the ear, as food is tasted by the mouth.
ὅτι οὗς λόγους δοκιμάζει καὶ λάρυγξ γεύεται βρῶσιν
- 4 Annou wè kote jistis la ye. Ann mete rezon an kote pou l' ye a.
Let us make the decision for ourselves as to what is right; let us have the knowledge among ourselves of what is good.
κρίσιν ἐλώμεθα ἑαυτοῖς γινώμεν ἀνὰ μέσον ἑαυτῶν ὅ τι καλόν
- 5 Jòb pretann li nan dwa li, se Bondye ki derefize rann li jistis.
For Job has said, I am upright, and it is God who has taken away my right;
ὅτι εἶρηκεν ἰωβ δίκαιός εἰμι ὁ κύριος ἀπήλλαξέν μου τὸ κρίμα
- 6 Li di: Si m' di m' antò, se manti m'ap bay. Mwen malad pou m' mourì. Men, m' pa fè anyen ki mal.
Though I am right, still I am in pain; my wound may not be made well, though I have done no wrong.
ἐψεύσατο δὲ τῷ κρίματί μου βίαιον τὸ βέλος μου ἄνευ ἀδικίας
- 7 Ou janm jwenn yon moun tankou Jòb? L'ap pase verite Bondye a nan betiz alèz tankou si se dlo l'ap bwè.
What man is like Job, a man who freely makes sport of God,
τίς ἀνὴρ ὥσπερ ἰωβ πίνων μυκτηρισμὸν ὥσπερ ὕδωρ
- 8 Li fè bann ak moun k'ap fè mechanste yo. L'ap pwonmennen ansanm ak malveyan yo.
And goes in the company of evil-doers, walking in the way of sinners?
οὐχ ἁμαρτῶν οὐδὲ ἀσεβήσας ἢ ὁδοῦ κοινωνήσας μετὰ ποιούντων τὰ ἄνομα τοῦ πορευθῆναι μετὰ ἀσεβῶν
- 9 Se li menm menm ki di ak bouch li: Sa pa rapòte anyen, lè yon moun ap chache fè volonte Bondye.
For he has said, It is no profit to a man to take delight in God.
μὴ γὰρ εἶπης ὅτι οὐκ ἔσται ἐπισκοπὴ ἀνδρός καὶ ἐπισκοπὴ αὐτῷ παρὰ κυρίου
- 10 ¶ Nou menm ki gen lespri, koute sa m'ap di. Bondye pa ka fè mechanste. Bondye ki gen tout pouvwa a pa ka nan patipri.
Now then, you wise, take note; you men of knowledge, give ear to me. Let it be far from God to do evil, and from the Ruler of all to do wrong.
διὸ συνετοὶ καρδίας ἀκούσατέ μου μὴ μοι εἴη ἐναντὶ κυρίου ἀσεβῆσαι καὶ ἐναντὶ παντοκράτορος ταράζει τὸ δίκαιον
- 11 Li bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè. Li aji ak yo dapre jan yo mennen bak yo.
For he gives to every man the reward of his work, and sees that he gets the fruit of his ways.
ἀλλὰ ἀποδοῖ ἀνθρώπῳ καθὰ ποιεῖ ἕκαστος αὐτῶν καὶ ἐν τρίβῳ ἀνδρός εὐρήσει αὐτόν

- 12 Non! Bondye pa janm fè sa ki mal. Bondye ki gen tout pouvwa a pa nan paspouki.
Truly, God does not do evil, and the Ruler of all is not a false judge.
οἷη δὲ τὸν κύριον ἄτοπα ποιήσῃν ἢ ὁ παντοκράτωρ ταράξει κρίσιν
- 13 Se pa youn lòt moun ki te bay Bondye pouvwa pou l' gouvènen latè, ni se pa youn lòt moun ki te mete tou sa ki egziste sou kont li.
Who put the earth into his care, or made him responsible for the world?
ὅς ἐποίησεν τὴν γῆν τίς δὲ ἐστὶν ὁ ποιῶν τὴν ὑπ' οὐρανὸν καὶ τὰ ἐνόητα πάντα
- 14 -(we vèsè pwochen)
If he made his spirit come back to him, taking his breath into himself again,
εἰ γὰρ βούλοιτο συνέχειν καὶ τὸ πνεῦμα παρ' αὐτῷ κατασχεῖν
- 15 Si Bondye te kenbe souf ki bay lavi a pou tèt li, youn sèl kou a, bèt kou moun ta mouri. Yo ta tounen pousyè tè ankò.
All flesh would come to an end together, and man would go back to the dust.
τελευτήσει πᾶσα σὰρξ ὁμοθυμαδὸν πᾶς δὲ βροτὸς εἰς γῆν ἀπελεύσεται ὄθεν καὶ ἐπλάσθη
- 16 ¶ Si nou gen bon konprann, koute sa byen. Louvri zòrèy nou pou nou tande sa m'ap di.
If you are wise, take note of this; give ear to the voice of my words.
εἰ δὲ μὴ νοθετῆ ἄκουε ταῦτα ἐνωτίζου φωνὴν ῥημάτων
- 17 Eske n'ap kondann Bondye ki gen tout pouvwa a, epi k'ap rann jistis la? Eske youn moun ki pa vle wè jistis ka gouvènen?
How may a hater of right be a ruler? and will you say that the upright Ruler of all is evil?
ἰδὲ σὺ τὸν μισοῦντα ἄνομα καὶ τὸν ὀλλύντα τοὺς πονηροὺς ὄντα αἰώνιον δίκαιον
- 18 Bondye pini wa yo lè yo fè sa ki mal. Li pini gwo chèf yo lè yo fè mechanste.
He who says to a king, You are an evil-doer; and to rulers, You are sinners;
ἀσεβῆς ὁ λέγων βασιλεῖ παρανομεῖς ἀσεβέστατε τοῖς ἄρχουσιν
- 19 Li pa nan achte figi chèf yo. Ou te mèt pòn, ou te mèt rich, pa gen diferans pou li, paske se li menm ki fè yo tout.
Who has no respect for rulers, and who gives no more attention to those who have wealth than to the poor, for they are all the work of his hands.
ὅς οὐκ ἐψηγύνη πρόσωπον ἐντίμου οὐδὲ οἶδεν τιμὴν θέσθαι ἀδροῖς θυμασθῆναι πρόσωπα αὐτῶν
- 20 Yo rete konsa yo mouri, yo ale nan mitan lannwit. Pèp la annik souke kò l', yo disparèt. Bondye touye gwo chèf yo san li pa leve ti dwèt li.
Suddenly they come to an end, even in the middle of the night: the blow comes on the men of wealth, and they are gone, and the strong are taken away without the hand of man.
κενὰ δὲ αὐτοῖς ἀποβήσεται τὸ κεκραγέαι καὶ δεῖσθαι ἀνδρὸς ἐχρήσαντο γὰρ παρανόμως ἐκκλινομένων ἀδυνάτων
- 21 L'ap veye tout vire tounen lèzòm. L'ap gade tout kote y'ap mete pye yo.
For his eyes are on the ways of a man, and he sees all his steps.
αὐτὸς γὰρ ὀρατὴς ἐστὶν ἔργων ἀνθρώπων λέληθεν δὲ αὐτὸν οὐδὲν ὧν πράσσοουσιν
- 22 Pa gen ankenn fènwa, ni ankenn lonbray ki ka anpeche l' wè sa mechan yo ap fè.
There is no dark place, and no thick cloud, in which the workers of evil may take cover.
οὐδὲ ἔσται τόπος τοῦ κρυβῆναι τοὺς ποιοῦντας τὰ ἄνομα
- 23 Li pa bezwen voye manda bay moun pou yo prezante devan l' pou l' jije yo.
For he does not give man a fixed time to come before him to be judged.
ὅτι οὐκ ἐπ' ἀνδρα θήσει ἔτι ὁ γὰρ κύριος πάντα ἐφορᾷ
- 24 Li pa bezwen nan chache konnen pou l' kraze chèf yo, lèfini pou l' mete lòt moun nan plas yo.
He sends the strong to destruction without searching out their cause, and puts others in their place.
ὁ καταλαμβάνων ἀνεξιχνίαστα ἐνδοξά τε καὶ ἐξαισία ὧν οὐκ ἔστιν ἀριθμὸς
- 25 Paske li konnen dènye sa yo fè. Youn jou lannwit konsa, li desann yo li pilonnen yo anba pye l'.
For he has knowledge of their works, overturning them in the night, so that they are crushed.
ὁ γνωρίζων αὐτῶν τὰ ἔργα καὶ στρέψει νύκτα καὶ ταπεινωθήσονται

- 26 Li soufflete yo tankou malfektè nan mitan lari pou tout moun ka wè.
The evil-doers are broken by his wrath, he puts his hand on them with force before the eyes of all onlookers.
ἔσβεσεν δὲ ἀσεβεῖς ὄρατοὶ δὲ ἐναντίον αὐτοῦ
- 27 Paske yo te vire do ba li, yo te fè tankou yo pa konnen lòd li bay yo.
Because they did not go after him, and took no note of his ways,
ὅτι ἐξέκλιναν ἐκ νόμου θεοῦ δικαιοῦματα δὲ αὐτοῦ οὐκ ἐπέγνωσαν
- 28 Yo fè, yo fè jouk pòn yo rele mande Bondye sekou, jouk Bondye tande jan piti yo ap rele anba men yo.
So that the cry of the poor might come up to him, and the prayer of those in need come to his ears.
τοῦ ἐπαγαγεῖν ἐπ' αὐτὸν κραυγὴν πένητος καὶ κραυγὴν πτωχῶν εἰσακούσεται
- 29 Men, si Bondye rete san l' pa fè anyen, ki moun ki ka di l' kichòy? Si li kache kò li, ki moun ki ka wè l'! Men, pa pè! L'ap veye sou tout moun nan tout peyi.
...
καὶ αὐτὸς ἡσυχίαν παρέξει καὶ τίς καταδικάζεται καὶ κρύψει πρόσωπον καὶ τίς ὄψεται αὐτόν καὶ κατὰ ἔθλους καὶ κατὰ ἀνθρώπου ὁμοῦ
- 30 Li p'ap kite move chèf gouvènè yo, li p'ap kite yo tann pèlen pou pèp la.
...
βασιλευῶν ἀνθρώπων ὑποκριτὴν ἀπὸ δυσκολίας λαοῦ
- 31 ¶ Men, si yon mechan pale ak Bondye, si li di l': -Wi, mwen te fè sa ki mal. Mwen p'ap fè sa ankò.
...
ὅτι πρὸς τὸν ἰσχυρὸν ὁ λέγων εἴληφα οὐκ ἐνεχυράσω
- 32 Tanpri. Louvri je m'. Fe m' wè sa m' fè a. Si mwen te aji ak mechanste, mwen p'ap rekonmanse ankò.
...
ἀνευ ἑμαυτοῦ ὕψομαι σὺ δεῖξόν μοι εἰ ἀδικίαν ἡργασάμην οὐ μὴ προσθήσω
- 33 Dapre ou, Jòb, èske se pou Bondye pini l'? Mwen mande ou sa paske m' konnen ou pa dakò ak sa Bondye fè a. Men, se ou menm ki pou decide. Pa mwen menm. Manyè di m' sa ki nan kè ou.
...
μὴ παρὰ σοῦ ἀποτεῖσει αὐτήν ὅτι ἀπόση ὅτι σὺ ἐκλέξῃ καὶ οὐκ ἐγὼ καὶ τί ἔγνωσ λάλησον
- 34 Moun lespri ansanm ak moun bon konprann k'ap koute m' yo va di m' konsa:
Men of knowledge, and all wise men, hearing me, will say,
διὸ συνετοὶ καρδίας ἐροῦσιν ταῦτα ἀνὴρ δὲ σοφὸς ἀκήκοέν μου τὸ ῥῆμα
- 35 Jòb ap pale anpil, men li pa konn sa l'ap di. Tou sa l'ap di yo pa gen ni pye ni tèt.
Job's words do not come from knowledge; they are not the fruit of wisdom.
ἰωβ δὲ οὐκ ἐν συνέσει ἐλάλησεν τὰ δὲ ῥήματα αὐτοῦ οὐκ ἐν ἐπιστήμῃ
- 36 Egzaminen byen tou sa Jòb di la a. N'a wè li pale tankou yon moun ki mechan nan kè l'.
- 8 Pitit mwen, koute papa ou non lè l'ap ba ou bon levasyon! Pa janm bliye sa manman ou te moutre ou!
My son, give ear to the training of your father, and do not give up the teaching of your mother:
 ἄκουε υἱέ παιδείαν πατρός σου καὶ μὴ ἀπόση θεσμούς μητρός σου
- 9 Menm jan bèl foula mare nan tèt ak kolye pase nan kou bay pi bèl aparans, konsa tou konsèy papa ou ak manman ou ap fè anpil pou ou.
For they will be a crown of grace for your head, and chain-ornaments about your neck.
 στέφανον γὰρ χαρίτων δέξῃ σῆ κορυφῇ καὶ κλειδὸν χρύσειον περὶ σῶ τραχήλῳ
- 10 ¶ Pitit mwen, lè moun k'ap fè sa ki mal vle detounen ou, pa kite yo pran tèt ou.
My son, if sinners would take you out of the right way, do not go with them.
 υἱέ μὴ σε πλανήσωσιν ἄνδρες ἀσεβεῖς μηδὲ βουληθῆς ἐν παρακαλέσωσί σε λέγοντες
- 11 Si yo di ou: Vini ak nou non! Ann anbiske kò nou pou n' touye moun. Ann pare pèlen pou nou pran inonsan yo, san yo pa gen anyen ak nou.
If they say, Come with us; let us make designs against the good, waiting secretly for the upright, without cause;
 ἔλθε μεθ' ἡμῶν κοινώνησον αἵματος κρύψωμεν δὲ εἰς γῆν ἄνδρα δίκαιον ἀδίκως
- 12 Ann vale yo tou vivan, tankou simityè ki pa janm refize mò. Ann vale yo tout ankè tankou kadav y'ap antere.
Let us overcome them living, like the underworld, and in their strength, as those who go down to death;
 καταπίωμεν δὲ αὐτὸν ὥσπερ ἄδης ζῶντα καὶ ἄρωμεν αὐτοῦ τὴν μνήμην ἐκ γῆς
- 13 N'a jwenn tout kalite gwo richès, n'a plen kay nou ak tout bagay n'a pran.
Goods of great price will be ours, our houses will be full of wealth;
 τὴν κτήσιν αὐτοῦ τὴν πολυτελεῆ καταλάβόμεθα πλήσωμεν δὲ οἶκους ἡμετέρους σκύλων
- 14 W'a jwenn pa ou nan tou sa n'a pran. Va gen yon sèl kès pou nou tout.
Take your chance with us, and we will all have one money-bag:
 τὸν δὲ σὸν κλῆρον βάλε ἐν ἡμῖν κοινὸν δὲ βαλλάντιον κτησόμεθα πάντες καὶ μαρσίπιον ἐν γεννηθίτῳ ἡμῖν
- 15 Pitit mwen, pa mache avèk moun konsa! Pa mete pye ou kote moun sa yo pase!
My son, do not go with them; keep your feet from their ways:
 μὴ πορευθῆς ἐν ὁδῷ μετ' αὐτῶν ἔκκλινον δὲ τὸν πόδα σου ἐκ τῶν τρίβων αὐτῶν

- 16 Yo toujou dèyè pou fè sa ki mal. Pou ti krik ti krak, yo mete san deyò.
For their feet are running after evil, and they are quick to take a man's life.
οὐ γὰρ πόδες αὐτῶν εἰς κακίαν τρέχουσιν καὶ ταχίνοι τοῦ ἐκχεῖν αἷμα
- 17 Kisa ou konprann ou fè lè ou kite zwezo wè ou ap tann pèlen pou li?
Truly, to no purpose is the net stretched out before the eyes of the bird:
οὐ γὰρ ἀδίκως ἐκτείνεται δίκτυα περρωτοῖς
- 18 Se konsa moun sa yo pran nan pèlen yo menm yo pare a. Yo tonbe nan pyèj yo mete a, yo mouri.
And they are secretly waiting for their blood and making ready destruction for themselves.
αὐτοὶ γὰρ οἱ φόνου μετέχοντες θησαυρίζουσιν ἑαυτοῖς κακά ἢ δὲ καταστροφή ἀνδρῶν παρανόμων κακὴ
- 19 Nan chache genyen sa ki pa pou ou, se ou ki lakòz malè rive ou. Se sa menm ki pou rive tout moun ki pa wè pase vòlò.
Such is the fate of everyone who goes in search of profit; it takes away the life of its owners.
αὐταὶ αἱ ὁδοὶ εἰσὶν πάντων τῶν συντελούντων τὰ ἄνομα τῇ γὰρ ἀσεβείᾳ τὴν ἑαυτῶν ψυχὴν ἀφαιροῦνται
- 20 ¶ Koute byen. Sajès ap rele nan lari, l'ap pale byen fò sou plas piblik.
Wisdom is crying out in the street; her voice is loud in the open places;
σοφία ἐν ἐξόδοις ὑμνεῖται ἐν δὲ πλατείας παρρησίαν ἄγει
- 21 L'ap rele nan tout kalfou, nan pòtay lavil yo, toupatou kote tout moun ka tande.
Her words are sounding in the meeting-places, and in the doorways of the town:
ἐπ' ἄκρων δὲ τειχῶν κηρύσσεται ἐπὶ δὲ πύλαις δυναστῶν παρεδρεῖ ἐπὶ δὲ πύλαις πόλεως θαρροῦσα λέγει
- 22 L'ap di: Bann egare! Kilè n'a sispann renmen fè tenten? Kilè n'a sispann pran plezi nou nan pase tout bagay nan betiz? Kilè moun fou yo va soti pou yo aprann?
How long, you simple ones, will foolish things be dear to you? and pride a delight to the haters of authority? how long will the foolish go on hating knowledge?
ὅσον ἂν χρόνον ἄκακοι ἔχονται τῆς δικαιοσύνης οὐκ αἰσχυνθήσονται οἱ δὲ ἄφρονες τῆς ὕβρεως ὄντες ἐπιθυμηταὶ ἀσεβεῖς γενόμενοι ἐμίσησαν αἴσθησιν
- 23 Se pou n' koute m' lè m'ap rale zòrèy nou. M'ap di nou tou sa ki nan tèt mwen, m'ap fè nou konnen tou sa m' konnen.
Be turned again by my sharp words: see, I will send the flow of my spirit on you, and make my words clear to you.
καὶ ὑπεύθυνοι ἐγένοντο ἐλέγχους ἰδοὺ προήσομαι ὑμῖν ἐμῆς πνοῆς ῥῆσιν διδάξω δὲ ὑμᾶς τὸν ἐμὸν λόγον
- 24 Ki jan nou ye konsa? Mwen rele nou, nou fè tankou nou pa tande m'. Mwen lonje men ban nou, nou fè tankou nou pa wè m'.
Because your ears were shut to my voice; no one gave attention to my out-stretched hand;
ἐπειδὴ ἐκάλουν καὶ οὐχ ὑπηκούσατε καὶ ἐξέτεινον λόγους καὶ οὐ προσείχετε
- 25 Anhan! Se konsa sa ye? Nou voye tout konsèy mwen te ban nou yo jete byen lwen nou. Nou refize kite m' korije nou.
You were not controlled by my guiding, and would have nothing to do with my sharp words:
ἀλλὰ ἀκούρους ἐποιεῖτε ἐμᾶς βουλὰς τοῖς δὲ ἐμοῖς ἐλέγχους ἠπειθήσατε
- 26 Konsa, lè n'a nan ka, m'a ri nou. Lè malè va fè nou tranble, m'a pase nou nan rizib.
So in the day of your trouble I will be laughing; I will make sport of your fear;
τοιγαροῦν κάγω τῇ ἡμετέρᾳ ἀπολεία ἐπιγέλασομαι καταχαροῦμαι δέ ἡνίκα ἂν ἐρχηται ὑμῖν ὄλεθρος
- 27 Lè malè va tonbe sou nou tankou yon van siklòn, lè tray va pase sou nou tankou yon toubouyon, lè lapenn ak kè sere va pran nou,
When your fear comes on you like a storm, and your trouble like a rushing wind; when pain and sorrow come on you.
καὶ ὡς ἂν ἀφίκηται ὑμῖν ἄφω θόρυβος ἢ δὲ καταστροφή ὁμοίως καταγιῖδι παρῆ καὶ ὅταν ἐρχηται ὑμῖν θλίψις καὶ πολιορκία ἢ ὅταν ἐρχηται ὑμῖν ὄλεθρος
- 28 le sa a, n'a rele m', mwen menm yo rele sajès, men mwen p'ap reponn nou. N'a mache chache m' toupatou, men nou p'ap jwenn mwen.
Then I will give no answer to their cries; searching for me early, they will not see me:
ἔσται γὰρ ὅταν ἐπικαλέσησθέ με ἐγὼ δὲ οὐκ εἰσακούσομαι ὑμῶν ζητήσουσίν με κακοὶ καὶ οὐχ εὐρήσουσιν
- 29 Nou pa t' vle wè konnesans, nou te toujou refize gen krentif pou Bondye.
For they were haters of knowledge, and did not give their hearts to the fear of the Lord:
ἐμίσησαν γὰρ σοφίαν τὸν δὲ φόβον τοῦ κυρίου οὐ προείλαντο

- 30 Nou pa t' janm vle koute konsèy m' t'ap ban nou, nou te toujou derefize koute m' lè m' t'ap korije nou.
They had no desire for my teaching, and my words of protest were as nothing to them.
οὐδὲ ἤθελον ἡμᾶς προσέχειν βουλαῖς ἐμυκτῆριζον δὲ ἑμοὺς ἐλέγχους
- 31 Se pou nou rekòlte sa nou te simen an. Se pou nou sibi konsekans vye konsèy nou t'ap swiv yo.
So the fruit of their way will be their food, and with the designs of their hearts they will be made full.
τοιγαροῦν ἔδονται τῆς ἑαυτῶν ὁδοῦ τοὺς καρποὺς καὶ τῆς ἑαυτῶν ἀσεβείας πλησθήσονται
- 32 Moun ki san esperyans yo mouri paske yo refize aprann. Bann moun fou yo menm, yo pa pran anyen pou anyen, se sa k'ap pèdi yo tou.
For the turning back of the simple from teaching will be the cause of their death, and the peace of the foolish will be their destruction.
ἀνθ' ὧν γὰρ ἠδίκουν νηπίους φονευθήσονται καὶ ἐξετασμός ἀσεβείας ὅλεϊ
- 33 Men, moun ki koute sa m' di yo jwenn lasirans, y'a viv ak kè poze, yo p'ap bezwen pè anyen.
But whoever gives ear to me will take his rest safely, living in peace without fear of evil.
ὁ δὲ ἑμοῦ ἀκούων κατασκηνώσει ἐπ' ἐλπίδι καὶ ἡσυχάσει ἀφόβως ἀπὸ παντὸς κακοῦ
- 1 ¶ Pitit mwen, aprann sa m'ap moutre ou la a. Chache pou ou pa janm bliye sa mwen di ou fè a.
My son, if you will take my words to your heart, storing up my laws in your mind;
υἱέ ἐὰν δεξάμενος ῥῆσιν ἐμῆς ἐντολῆς κρύψῃς παρὰ σεαυτῷ
- 2 Se poutèt sa, louvri zòrèy ou pou ou tande sa moun ki gen sa jès ap di ou. Chache konprann yo.
So that your ear gives attention to wisdom, and your heart is turned to knowledge;
ὑπακούσεται σοφίας τὸ οὖς σου καὶ παραβαλεῖς καρδίαν σου εἰς σύνεσιν παραβαλεῖς δὲ αὐτὴν ἐπὶ νοουθέτησιν τῷ υἱῷ σου
- 3 Wi, pa janm sispann chache gen konesans. Mande pou ou gen bon konprann.
Truly, if you are crying out for good sense, and your request is for knowledge;
ἐὰν γὰρ τὴν σοφίαν ἐπικαλέσῃ καὶ τῇ συνέσει δῶς φωνὴν σου τὴν δὲ αἴσθησιν ζητήσῃς μεγάλη τῇ φωνῇ
- 4 Kouri dèyè konesans tankou moun k'ap kouri dèyè lajan. Chache konesans tankou moun k'ap chache ja lajan.
If you are looking for her as for silver, and searching for her as for stored-up wealth;
καὶ ἐὰν ζητήσῃς αὐτὴν ὡς ἀργύριον καὶ ὡς θησαυροὺς ἐξερευνήσῃς αὐτήν
- 5 Si ou fè tou sa, w'a konnen sa ki rele gen krentif pou Bondye. W'a resi konnen ki moun Bondye ye.
Then the fear of the Lord will be clear to you, and knowledge of God will be yours.
τότε συνήσεις φόβον κυρίου καὶ ἐπίγνωσιν θεοῦ εὐρήσεις
- 6 Se Seyè a ki bay konesans. Pawòl ki soti nan bouch li bay lespri ak konprann.
For the Lord gives wisdom; out of his mouth come knowledge and reason:
ὅτι κύριος δίδωσιν σοφίαν καὶ ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ γνῶσις καὶ σύνεσις
- 7 Lè yon moun mache dwat, Seyè a ba li bon konsèy. Lè yon moun serye, li pwoteje l'.
He has salvation stored up for the upright, he is a breastplate to those in whom there is no evil;
καὶ θησαυρίζει τοῖς κατορθοῦσι σωτηρίαν ὑπερασπιεῖ τὴν πορείαν αὐτῶν
- 8 Li pwoteje moun ki pa fè lenjistis. Li pran defans moun ki kenbe fèm nan sèvis li.
He keeps watch on the ways which are right, and takes care of those who have the fear of him.
τοῦ φυλάσσει ὁδοὺς δικαιοματίων καὶ ὁδὸν εὐλαβουμένων αὐτὸν διαφυλάσσει
- 9 Si ou koute m', w'a konnen ki jan pou ou mennen bak ou byen, ki jan pou ou pa fè lenjistis. W'a konnen ki jan pou ou mache dwat nan lavi. W'a konnen tout bon bagay ou dwe fè.
Then you will have knowledge of righteousness and right acting, and upright behaviour, even of every good way.
τότε συνήσεις δικαιοσύνην καὶ κρίμα καὶ κατορθώσεις πάντας ἄζονας ἀγαθοῦς
- 10 ¶ Lè sa a, w'a gen bon konprann nan ou. W'a pran tout plezi ou nan konesans ou genyen.
For wisdom will come into your heart, and knowledge will be pleasing to your soul;
ἐὰν γὰρ ἔλθῃ ἡ σοφία εἰς σὴν διάνοιαν ἢ δὲ αἴσθησις τῇ σῇ ψυχῇ καλὴ εἶναι δόξῃ

- 11 Entèlijans ou p'ap kite anyen rive ou, konesans ou pral yon pwoteksyon pou ou.
Wise purposes will be watching over you, and knowledge will keep you;
βουλή καλή φυλάξει σε ἔννοια δὲ ὁσία τηρήσει σε
- 12 Yo p'ap kite ou fè sa ki mal. Yo p'ap kite moun k'ap fè bèl diskou pou twonpe moun pwoche bò kote ou.
Giving you salvation from the evil man, from those whose words are false;
ἵνα ῥύσῃται σε ἀπὸ ὁδοῦ κακῆς καὶ ἀπὸ ἀνδρὸς λαλοῦντος μὴδὲν πιστόν
- 13 Moun sa yo, se moun ki kite chemen dwat la pou lage kò yo nan fènwa.
Who give up the way of righteousness, to go by dark roads;
ὧ οἱ ἐγκαταλείποντες ὁδοῦς εὐθείας τοῦ πορεύεσθαι ἐν ὁδοῖς σκότους
- 14 Se moun ki pran plezi yo nan fè sa ki mal. Se moun ki kontan anpil pou wè mechanste lòt moun ap fè.
Who take pleasure in wrongdoing, and have joy in the evil designs of the sinner;
οἱ εὐφρανόμενοι ἐπὶ κακοῖς καὶ χαίροντες ἐπὶ διαστροφή κακῇ
- 15 Ou pa janm konnen kote ou ye ak moun sa yo, tout kò yo se plan.
Whose ways are not straight, and whose footsteps are turned to evil:
ὧν αἱ τρίβοι σκολιαὶ καὶ καμπύλαι αἱ τροχιαὶ αὐτῶν
- 16 Entèlijans ou ak konesans ou va delivre ou anba fanm adiltè yo, anba fanm lòt peyi ki gen bèl pawòl dous pou pran tèt ou.
To take you out of the power of the strange woman, who says smooth words with her tongue;
τοῦ μακράν σε ποιῆσαι ἀπὸ ὁδοῦ εὐθείας καὶ ἀλλότριον τῆς δικαίας γνώμης
- 17 Fanm konsa se fanm k'ap twonpe mari yo, fanm ki bliye pwomès yo te fè Bondye.
Who is false to the husband of her early years, and does not keep the agreement of her God in mind:
υἷέ μὴ σε καταλάβῃ κακῆ βουλή ἢ ἀπολείπουσα διδασκαλίαν νεότητος καὶ διαθήκην θεῖαν ἐπιλελησμένη
- 18 Si ou mete pye lakay yo, ou sou wout lanmò. Si ou ale lakay yo, ou pa lwen ale kote mò yo ye a.
For her house is on the way down to death; her footsteps go down to the shades:
ἔθετο γὰρ παρὰ τῷ θανάτῳ τὸν οἶκον αὐτῆς καὶ παρὰ τῷ ἕδῃ μετὰ τῶν γηγενῶν τοὺς ἄξονας αὐτῆς
- 19 Lakay yo, se antre pa soti. Pa gen lavi pou ou ankò!
Those who go to her do not come back again; their feet do not keep in the ways of life:
πάντες οἱ πορευόμενοι ἐν αὐτῇ οὐκ ἀναστρέψουσιν οὐδὲ μὴ καταλάβωσιν τρίβους εὐθείας οὐ γὰρ καταλαμβάνονται ὑπὸ ἐνιαυτῶν ζωῆς
- 20 Se poutèt sa, swiv egzanp moun debyen. Mache pye pou pye dèyè moun ki pa fè chemen kwochi.
So that you may go in the way of good men, and keep in the footsteps of the upright.
εἰ γὰρ ἐπορεύοντο τρίβους ἀγαθὰς εὗροσαν ἂν τρίβους δικαιοσύνης λειούσ
- 21 Paske se moun k'ap mache dwat yo ki pral rete nan peyi a. Se moun serye yo ki pral la.
For the upright will be living in the land, and the good will have it for their heritage.
χρηστοὶ ἔσονται οἰκῆτορες γῆς ἄκακοι δὲ ὑπολειφθήσονται ἐν αὐτῇ ὅτι εὐθεῖς κατασκευάσουσι γῆν καὶ ὅσοι ὑπολειφθήσονται ἐν αὐτῇ
- 22 Men, Bondye ap disparèt mechan yo nan peyi a. L'ap rache moun k'ap fè sa ki mal yo tankou yo rache move zèb.
But sinners will be cut off from the land, and those whose acts are false will be uprooted.
ὁδοὶ ἀσεβῶν ἐκ γῆς ὀλοῦνται οἱ δὲ παράνομοι ἐξωσθήσονται ἀπ' αὐτῆς
- 1 ¶ Pitit mwen, pa janm bliye sa mwen moutre ou yo. Kenbe tou sa mwen di ou fè yo nan kè ou.
My son, keep my teaching in your memory, and my rules in your heart:
υἷέ ἐμῶν νομίμων μὴ ἐπιλανθάνου τὰ δὲ ῥήματά μου τηρεῖτω σὴ καρδιά
- 2 Se yo k'ap fè ou viv lontan. Se yo k'ap fè ou viv ak kè poze.
For they will give you increase of days, years of life, and peace.
μῆκος γὰρ βίου καὶ ἔτη ζωῆς καὶ εἰρήνην προσθήσουσίν σοι

- 3 Se pou ou toujou viv byen ak tout moun. Se pou ou toujou gen yon sèl pawòl. Mete pawòl mwen yo nan kou ou tankou yon kolye, kenbe yo nan kè ou pou ou pa janm bliye yo.
Let not mercy and good faith go from you; let them be hanging round your neck, recorded on your heart;
 ἐλεημοσύνη καὶ πίστις μὴ ἐκλιπέτωσάν σε ἄφασαι δὲ αὐτὰς ἐπὶ σῶ τραχήλῳ καὶ εὐρήσεις χάριν
- 4 Si ou fè sa, Bondye va kontan avè ou, lèzòm va nonmen non ou an byen.
So you will have grace and a good name in the eyes of God and men.
 καὶ προνοοῦ καλὰ ἐνώπιον κυρίου καὶ ἀνθρώπων
- 5 Mete tout konfyans ou nan Seyè a. Pa gade sou sa ou konnen.
Put all your hope in God, not looking to your reason for support.
 ἴσθι πεποιθὼς ἐν ὅλῃ καρδίᾳ ἐπὶ θεῷ ἐπὶ δὲ σῆ σοφία μὴ ἐπαίρου
- 6 Toujou chonje Seyè a nan tou sa w'ap fè. Li menm, l'a moutre ou chemen pou ou pran.
In all your ways give ear to him, and he will make straight your footsteps.
 ἐν πάσαις ὁδοῖς σου γνώριζε αὐτὴν ἵνα ὀρθοτομῇ τὰς ὁδοὺς σου ὃ δὲ πούς σου οὐ μὴ προσκώπη
- 7 ¶ Pa mete nan tèt ou ou gen plis konprann pase sa. Gen krentif pou Seyè a, refize fè sa ki mal.
Put no high value on your wisdom: let the fear of the Lord be before you, and keep yourself from evil:
 μὴ ἴσθι φρόνιμος παρὰ σεαυτῷ φοβοῦ δὲ τὸν θεὸν καὶ ἐκκλινε ἀπὸ παντὸς κακοῦ
- 8 Lè ou fè sa, se va tankou yon bon medikaman: W'a toujou gaya, ou p'ap janm soufri doulè.
This will give strength to your flesh, and new life to your bones.
 τότε ἴσθις ἔσται τῷ σώματί σου καὶ ἐπιμέλεια τοῖς ὀστέοις σου
- 9 Fè wè jan ou gen respè pou Seyè a: ba li nan tou sa ou genyen, ofri l' premye donn ou rekòlte nan jaden ou.
Give honour to the Lord with your wealth, and with the first-fruits of all your increase:
 τίμα τὸν κύριον ἀπὸ σῶν δικαίων πόνων καὶ ἀπάρχου αὐτῷ ἀπὸ σῶν καρπῶν δικαιοσύνης
- 10 Lè ou fè sa, galata ou ap toujou chaje danre. Barik diven ou yo ap plen ra bouch.
So your store-houses will be full of grain, and your vessels overflowing with new wine.
 ἴνα πύμπληται τὰ ταμίειά σου πλησμονῆς σίτου οἴνω δὲ αἰ ληνοί σου ἐκβλύζωσιν
- 11 Pitit mwen, lè Seyè a ap pini ou, pa betize ak sa. Lè l'ap korije ou, pa dekouraje.
My son, do not make your heart hard against the Lord's teaching; do not be made angry by his training:
 υἱέ μὴ ὀλιγώρει παιδείας κυρίου μηδὲ ἐκλύου ὑπ' αὐτοῦ ἐλεγχόμενος
- 12 Paske Seyè a korije moun li renmen, menm jan yon papa korije pitit li renmen anpil la.
For to those who are dear to him the Lord says sharp words, and makes the son in whom he has delight undergo pain.
 ὃν γὰρ ἀγαπᾷ κύριος παιδεύει μαστιγοῖ δὲ πάντα υἱὸν ὃν παραδέχεται
- 13 ¶ Ala bon sa bon pou moun ki gen konesans, pou moun ki rive gen bon konprann!
Happy is the man who makes discovery of wisdom, and he who gets knowledge.
 μακάριος ἄνθρωπος ὃς εὗρεν σοφίαν καὶ θνητὸς ὃς εἶδεν φρόνησιν
- 14 Benefis l'ap rapòte pi bon pase sa lajan bay. Avantaj l'ap bay gen plis valè pase lò.
For trading in it is better than trading in silver, and its profit greater than bright gold.
 κρεῖττον γὰρ αὐτὴν ἐμπορεύεσθαι ἢ χρυσίου καὶ ἀργυρίου θησαυροῦς
- 15 Sajès pi bon pase boul lò. Nanpwen anyen moun ta renmen genyen ki ka parèt devan li.
She is of more value than jewels, and nothing for which you may have a desire is fair in comparison with her.
 τιμιωτέρα δὲ ἐστὶν λίθων πολυτελῶν οὐκ ἀντιτάσσεται αὐτῇ οὐδὲν πονηρὸν εὐγνωστός ἐστιν πᾶσιν τοῖς ἐγγίζουσιν αὐτῇ πᾶν δὲ τίμιον οὐκ ἄξιον αὐτῆς ἐστὶν
- 16 Yon bò, bon konprann ap fè moun viv lontan. Yon lòt bò, l'ap bay richès, l'ap fè moun respekte ou.
Long life is in her right hand, and in her left are wealth and honour.
 μήκος γὰρ βίου καὶ ἔτη ζωῆς ἐν τῇ δεξιᾷ αὐτῆς ἐν δὲ τῇ ἀριστερᾷ αὐτῆς πλοῦτος καὶ δόξα [16a] ἐκ τοῦ στόματος αὐτῆς ἐκπορεύεται δικαιοσύνη νόμον δὲ καὶ ἔλεον ἐπὶ γλώσσης φορεῖ

- 17 L'ap fè moun viv ak kè kontan. L'ap fè ou reyisi nan tou sa w'ap fè.
Her ways are ways of delight, and all her goings are peace.
αἱ ὁδοὶ αὐτῆς ὁδοὶ καλαὶ καὶ πάντες οἱ τρίβοι αὐτῆς ἐν εἰρήνῃ
- 18 Moun ki gen bon konprann jwenn lavi. Sa bon nèt pou moun ki gen bon konprann!
She is a tree of life to all who take her in their hands, and happy is everyone who keeps her.
ξύλον ζωῆς ἐστὶ πᾶσι τοῖς ἀντεχομένοις αὐτῆς καὶ τοῖς ἐπερειδομένοις ἐπ' αὐτὴν ὡς ἐπὶ κύριον ἀσφαλῆς
- 19 Avèk bon konprann li, Bondye kreye latè. Avèk entèlijans li, li mete syèl la nan plas li.
The Lord by wisdom put in position the bases of the earth; by reason he put the heavens in their place.
ὁ θεὸς τῆ σοφία ἐθεμελίωσεν τὴν γῆν ἠτοίμασεν δὲ οὐρανοὺς ἐν φρονήσει
- 20 Avèk konesans li, li fè larivyè yo koule. Li fè nwaj yo bay lapli sou latè.
By his knowledge the deep was parted, and dew came dropping from the skies.
ἐν αἰσθήσει ἄβυσσοι ἐρράγησαν νέφη δὲ ἐρρύησαν δρόσους
- 21 ¶ Pitit mwen, kenbe pye konesans ou, pa pèdi konprann ou. Pa janm kite anyen fè ou bliye yo.
My son, keep good sense, and do not let wise purpose go from your eyes.
οὐδέ τις παραρρηξὶς τήρησον δὲ ἐμὴν βουλὴν καὶ ἐννοίαν
- 22 Y'ap ba ou lavi, y'ap fè lavi ou bèl tankou yon kolye ki pase nan kou ou.
So they will be life for your soul, and grace for your neck.
ἵνα ζήσῃ ἡ ψυχὴ σου καὶ χάρις ἧ περὶ σῶ τραχήλῳ [22a] ἔσται δὲ ἰασις ταῖς σαρκί σου καὶ ἐπιμέλεια τοῖς σοῖς ὁστέους
- 23 W'a fè chemen ou nan lavi san ou pa pè anyen. Ou p'ap janm bite sou anyen.
Then you will go safely on your way, and your feet will have no cause for slipping.
ἵνα πορεύῃ πεποιθὸς ἐν εἰρήνῃ πάσας τὰς ὁδοὺς σου ὁ δὲ πόδας σου οὐ μὴ προσκόψῃ
- 24 Lè ou pral kouche, ou p'ap pè anyen. Lè w'a fin lonje kò ou, w'a dòmi nèt ale.
When you take your rest you will have no fear, and on your bed sleep will be sweet to you.
ἐὰν γὰρ κάθῃ ἄφοβος ἔσῃ ἐὰν δὲ καθεύδῃς ἡδέως ὑπνώσεις
- 25 Ou p'ap bezwen pè: malè p'ap rete konsa pou l' tonbe sou tèt ou. Ni tou, sa ki rive mechan yo p'ap rive ou.
Have no fear of sudden danger, or of the storm which will come on evil-doers:
καὶ οὐ φοβηθήσῃ πτόησιν ἐπελθοῦσαν οὐδὲ ὀρμὰς ἀσεβῶν ἐπερχομένας
- 26 Paske se Seyè a ki tout espwa ou. Li p'ap kite ou pran nan pèlen.
For the Lord will be your hope, and will keep your foot from being taken in the net.
ὁ γὰρ κύριος ἔσται ἐπὶ πασῶν ὁδῶν σου καὶ ἐρείσει σὸν πόδα ἵνα μὴ σαλευθῆς
- 27 ¶ Pa refize fè byen pou moun ki nan nesosite, chak fwa ou santi ou ka fè sa.
Do not keep back good from those who have a right to it, when it is in the power of your hand to do it.
μὴ ἀπόσχη εὖ ποιεῖν ἐνδεῆ ἠνίκα ἂν ἔχη ἡ χεὶρ σου βοηθεῖν
- 28 Si ou gen lajan sou ou, ou pa ka di frè parèy ou: Ale non! Tounen denmen. M'a ba ou kichòy!
Say not to your neighbour, Go, and come again, and tomorrow I will give; when you have it by you at the time.
μὴ εἰπῆς ἐπανελθῶν ἐπάνηκε καὶ αὐριον δώσω δυνατοῦ σου ὄντος εὖ ποιεῖν οὐ γὰρ οἶδας τί τέξεται ἡ ἐπιούσα
- 29 Moun k'ap viv ansanm avè ou, ki mete konfyans yo nan ou, pa manniganse anyen ki pou fè yo mal.
Do not make evil designs against your neighbour, when he is living with you without fear.
μὴ τεκτῆνῃ ἐπὶ σὸν φίλον κακὰ παροικῶντα καὶ πεποιθότα ἐπὶ σοί
- 30 Pa fè kabouyay san rezon ak yon moun san li pa janm fè ou anyen ki mal.
Do not take up a cause at law against a man for nothing, if he has done you no wrong.
μὴ φιλεχθρήσῃς πρὸς ἄνθρωπον μάτην μὴ τι εἰς σὲ ἐργάσῃται κακόν

- 31 Pa anye sò mechan yo. Pa mete nan tèt ou pou ou fè tankou yo.
Have no envy of the violent man, or take any of his ways as an example.
 μὴ κτήση κακῶν ἀνδρῶν ὄνειδη μηδὲ ζηλώσης τὰς ὁδοὺς αὐτῶν
- 32 Paske Seyè a pa vle wè moun ki deprave. Men, li mete moun ki mache dwat yo nan tout sekrè l' yo.
For the wrong-hearted man is hated by the Lord, but he is a friend to the upright.
 ἀκάθαρτος γὰρ ἐναντι κυρίου πᾶς παράνομος ἐν δὲ δικαίοις οὐ συνεδριάζει
- 33 Madichon Bondye chita lakay mechan yo. Men, benediksyon l' ap kouvri kay moun ki mache dwat yo.
The curse of the Lord is on the house of the evil-doer, but his blessing is on the tent of the upright.
 κατάρρα θεοῦ ἐν οἴκοις ἀσεβῶν ἐπαύλεις δὲ δικαίων εὐλογοῦνται
- 34 Moun k'ap pase moun nan betiz, Bondye ap pase yo nan betiz tou. Men, moun ki fè byen, l'ap moutre yo jan li renmen yo.
He makes sport of the men of pride, but he gives grace to the gentle-hearted.
 κύριος ὑπερηφάνους ἀντιτάσσεται ταπεινοῖς δὲ δίδωσιν χάριν
- 35 Y'a fè lwanj moun ki gen bon konprann yo, men moun fou yo, se wont y'a wont.
The wise will have glory for their heritage, but shame will be the reward of the foolish.
 δόξαν σοφοὶ κληρονομήσουσιν οἱ δὲ ἀσεβεῖς ὕψωσαν ἀτιμίαν
- 1 ¶ Pitit mwen yo, koute yon papa lè l'ap ban nou bon levasyon. Louvri zòrèy nou pou nou ka gen konprann.
Give ear, my sons, to the teaching of a father; give attention so that you may have knowledge:
 ἀκούσατε παῖδες παιδείαν πατρὸς καὶ προσέχετε γνῶναι ἔννοιαν
- 2 Pa janm bliye anyen nan sa m'ap moutre nou la a: Se bon konsèy m'ap ban nou.
For I give you good teaching; do not give up the knowledge you are getting from me.
 δῶρον γὰρ ἀγαθὸν δωροῦμαι ὑμῖν τὸν ἐμὸν νόμον μὴ ἐγκαταλίπητε
- 3 Lè mwen te timoun piti lakay papa m', lè sa a mwen te sèl pitit manman mwen.
For I was a son to my father, a gentle and an only one to my mother.
 υἱὸς γὰρ ἐγενόμην κἀγὼ πατρὶ ὑπήκοος καὶ ἀγαπώμενος ἐν προσώπῳ μητρός
- 4 Papa m' t'ap moutre m' anpil bagay. Li te konn di m': Kenbe pawòl mwen nan kè ou. Fè sa m'ap di ou fè, konsa w'a viv.
And he gave me teaching, saying to me, Keep my words in your heart; keep my rules so that you may have life:
 οἱ ἔλεγον καὶ ἐδίδασκόν με ἐρειδέτω ὁ ἡμέτερος λόγος εἰς σὴν καρδίαν
- 5 Chache gen konesans ak bon konprann. Pa janm bliye sa m'ap di ou la a. Pa vire do ba yo.
Get wisdom, get true knowledge; keep it in memory, do not be turned away from the words of my mouth.
 φύλασσε ἐντολὰς μὴ ἐπιλάβη μηδὲ παρίδης ῥῆσιν ἐμοῦ στόματος
- 6 Pa lage konesans ou. L'a toujou pwoteje ou. renmen l', li p'ap kite anyen rive ou.
Do not give her up, and she will keep you; give her your love, and she will make you safe.
 μηδὲ ἐγκαταλίπης αὐτήν καὶ ἀνθέξεται σοῦ ἐράσθητι αὐτῆς καὶ τηρήσει σε
- 8 renmen konesans, l'ap fè ou mache tèt wo. Kenbe l', pa lage l'. L'a fè yo respekte ou.
Put her in a high place, and you will be lifted up by her; she will give you honour, when you give her your love.
 περιχαράκωσον αὐτήν καὶ ὑψώσει σε τίμησον αὐτήν ἵνα σε περιλάβη
- 9 Se va yon bèl bagay pou ou, tankou yon kouwòn sou tèt ou. Se va yon lwanj pou ou kote ou pase.
She will put a crown of grace on your head, giving you a head-dress of glory.
 ἵνα δῶ τῇ σῆ κεφαλῇ στέφανον χαρίτων στεφάνῳ δὲ τρυφῆς ὑπερασπίση σου
- 10 Koute sa m'ap di ou, pitit mwen. Pa bliye sa m'ap moutre ou la a, konsa w'a viv lontan.
Give ear, O my son, and let your heart be open to my sayings; and long life will be yours.
 ἀκουε υἱέ καὶ δέξαι ἐμοὺς λόγους καὶ πληθυνθήσεται ἔτη ζωῆς σου ἵνα σοι γένωνται πολλαὶ ὁδοὶ βίου

- 11 Mwen moutre ou jan pou ou viv ak bon konprann. Mwen fè ou konnen jan pou ou mache dwat.
I have given you teaching in the way of wisdom, guiding your steps in the straight way.
ὁδοὺς γὰρ σοφίας διδάσκω σε ἐμβιβάζω δέ σε τροχιαῖς ὀρθαῖς
- 12 Lè w'ap viv avèk bon konprann, anyen p'ap bare wout ou. Ou mèt ap kouri, ou p'ap janm bite sou anyen.
When you go, your way will not be narrow, and in running you will not have a fall.
ἐὰν γὰρ πορεύῃ οὐ συγκλεισθήσεται σου τὰ διαβήματα ἐὰν δὲ τρέχῃς οὐ κοπιᾷσεις
- 13 Pa janm bliye sa yo te moutre ou, kenbe l' fèm. Pa kite l' chape anba men ou, se tout lavi ou.
Take learning in your hands, do not let her go: keep her, for she is your life.
ἐπιλαβοῦ ἐμῆς παιδείας μὴ ἀφῆς ἀλλὰ φύλαξον αὐτήν σεαυτῷ εἰς ζωὴν σου
- 14 ¶ Pa fè menm chemen ak mechan yo. Pa swiv egzanp moun ki deprave yo.
Do not go in the road of sinners, or be walking in the way of evil men.
ὁδοὺς ἀσεβῶν μὴ ἐπέλθῃς μηδὲ ζηλώσης ὁδοὺς παρανόμων
- 15 Pa fè sa, pa pran chemen sa yo menm. Refize fè tankou yo, fè chemen pa ou.
Keep far from it, do not go near; be turned from it, and go on your way.
ἐν ᾧ ἂν τόπω στρατοπεδεύσωσιν μὴ ἐπέλθῃς ἐκεῖ ἔκκλινον δὲ ἀπ' αὐτῶν καὶ παράλλαξον
- 16 Mechan yo p'ap dòmi toutotan yo pa fè sa ki mal. Dòmi pa ka pran yo si yo pa rive fè sa yo vle fè a.
For they take no rest till they have done evil; their sleep is taken away if they have not been the cause of someone's fall.
οὐ γὰρ μὴ ὑπνώσωσιν ἐὰν μὴ κακοποιήσωσιν ἀφήρηται ὁ ὕπνος αὐτῶν καὶ οὐ κοιμῶνται
- 17 Se nan fè mechanste yo jwenn manje pou yo manje. Se nan fè moun mal yo jwenn diven pou yo bwè.
The bread of evil-doing is their food, the wine of violent acts their drink.
οἶδε γὰρ σιτοῦνται σῖτα ἀσεβείας οἶνω δὲ παρανόμῳ μεθύσκονται
- 18 Chemen moun k'ap mache dwat yo tankou solèy k'ap leve. Chak lè, l'ap vin pi klere jouk li fin jou nèt.
But the way of the upright is like the light of early morning, getting brighter and brighter till the full day.
αἱ δὲ ὁδοὶ τῶν δικαίων ὁμοίως φωτὶ λάμπουσιν προπορεύονται καὶ φωτίζουσιν ἕως κατορθώση ἡ ἡμέρα
- 19 Chemen moun mechan yo fè nwa kou lannwit. Yo pa ka wè sou kisa y'ap bite.
The way of sinners is dark; they see not the cause of their fall.
αἱ δὲ ὁδοὶ τῶν ἀσεβῶν σκοτειναὶ οὐκ οἶδασιν πῶς προσκόπτουσιν
- 20 ¶ Pitit mwen, louvri lespri ou pou ou konprann byen sa m'ap di ou la a. Louvri zòrèy ou pou ou koute pawòl k'ap sot nan bouch mwen.
My son, give attention to my words; let your ear be turned to my sayings.
υἱέ ἐμῆ ῥήσει πρόσεχε τοῖς δὲ ἐμοῖς λόγοις παράβαλε σὸν οὖς
- 21 Pa janm kite yo sot devan je ou. Kenbe yo nan kè ou. Pa janm bliye yo.
Let them not go from your eyes; keep them deep in your heart.
ὅπως μὴ ἐκλίπωσιν σε αἱ πηγαὶ σου φύλασσε αὐτὰς ἐν σῆ καρδίᾳ
- 22 Se lavi pou moun ki jwenn yo. Se lasante pou tout moun ki konprann yo.
For they are life to him who gets them, and strength to all his flesh.
ζωὴ γὰρ ἐστὶν τοῖς εὐρίσκουσιν αὐτὰς καὶ πάση σαρκὶ ἴασις
- 23 Pase tout lòt bagay, veye byen lide k'ap travay nan tèt ou, paske se yo k'ap di ou ki jan pou ou viv.
And keep watch over your heart with all care; so you will have life.
πάση φυλακῇ τήρει σὴν καρδίαν ἐκ γὰρ τούτων ἔξοδοι ζωῆς
- 24 Pa janm kite manti sot nan bouch ou, ni move pawòl, ni mo deplase.
Put away from you an evil tongue, and let false lips be far from you.
περιελε σεαυτοῦ σκολιὸν στόμα καὶ ἄδικα χεῖλη μακρὰν ἀπὸ σοῦ ἄψωσαι

- 25 Gade dwat devan ou. Kenbe je ou fikse sou chemen ki dwat devan ou lan.
Keep your eyes on what is in front of you, looking straight before you.
οἱ ὀφθαλμοὶ σου ὀρθὰ βλέπεωσαν τὰ δὲ βλέφαρά σου νεύτω δίκαια
- 26 Chache konnen byen sa w'ap fè. Konsa, tou sa w'ap fè ap mache byen pou ou.
Keep a watch on your behaviour; let all your ways be rightly ordered.
ὀρθὰς τροχιάς ποίει σοῖς ποσὶν καὶ τὰς ὁδοὺς σου κατεύθυνε
- 27 Pa vire ni adwat ni agoch. Pa lage kò ou nan fè sa ki mal.
Let there be no turning to the right or to the left, keep your feet from evil.
μὴ ἐκκλίνῃς εἰς τὰ δεξιὰ μηδὲ εἰς τὰ ἀριστερά ἀπόστρεψον δὲ σὸν πόδα ἀπὸ ὁδοῦ κακῆς [27α] ὁδοὺς γὰρ τὰς ἐκ δεξιῶν οἶδεν ὁ θεός διεστραμμένοι δὲ εἰσὶν αἱ ἐξ ἀριστερῶν [27β] αὐτὸς δὲ ὀρθὰς ποιήσει τὰς τροχιάς σου τὰς δὲ πορείας σου ἐν εἰρήνῃ προᾶξει
- 1 ¶ Pitit mwen, louvri lespri ou pou koute sa m'ap di ou, mwen menm ki gen bon konprann. Louvri zòrèy ou pou ou tande konsèy m'ap ba ou, mwen menm ki gen bon konprann.
My son, give attention to my wisdom; let your ear be turned to my teaching:
υἱέ ἐμῆ σοφία πρόσεχε ἑμοῖς δὲ λόγοις παράβαλλε σὸν οὖς
- 2 Konsa, w'a konnen jan pou ou kondi tèt ou byen. Pawòl ki soti nan bouch ou va moutre jan ou se moun ki gen bon konprann.
So that you may be ruled by a wise purpose, and your lips may keep knowledge.
ἵνα φυλάξης ἔννοιαν ἀγαθὴν αἰσθησὶν δὲ ἑμῶν χειλέων ἐντέλλομαι σοι
- 3 Bouch madanm lòt moun ka dous kou siwo myèl, pawòl ka koule nan bouch yo tankou dlo.
For honey is dropping from the lips of the strange woman, and her mouth is smoother than oil;
μὴ πρόσεχε φαύλη γυναικὶ μέλι γὰρ ἀποστάζει ἀπὸ χειλέων γυναικὸς πόρνῃς ἢ πρὸς καιρὸν λιπαίνει σὸν φάρυγγα
- 4 Men, lè tout bagay fini, bouch li anmè kou fyèl, lang li file tankou kouto de bò.
But her end is bitter as wormwood, and sharp as a two-edged sword;
ὑστερον μέντοι πικρότερον χολῆς εὐρήσεις καὶ ἠκονημένον μάλλον μαχαίρας διστόμου
- 5 L'ap mennen ou kote mò yo ye a. Tou sa l'ap fè se pou touye ou.
Her feet go down to death, and her steps to the underworld;
τῆς γὰρ ἀφροσύνης οἱ πόδες κατάγουσιν τοὺς χρωμένους αὐτῇ μετὰ θανάτου εἰς τὸν ᾄδην τὰ δὲ ἵχνη αὐτῆς οὐκ ἐρείδεται
- 6 Li p'ap chache chemen lavi. L'ap pwonmennen toupatou, li pa konnen kote li prale.
She never keeps her mind on the road of life; her ways are uncertain, she has no knowledge.
ὁδοὺς γὰρ ζωῆς οὐκ ἐπέρχεται σφαιραὶ δὲ αἱ τροχιαὶ αὐτῆς καὶ οὐκ εὐγνωστοὶ
- 7 Koulye a, pitit mwen yo, koute m' byen. Pa janm bliye sa m' pral di nou la a.
Give ear to me then, my sons, and do not put away my words from you.
νῦν οὖν υἱέ ἄκουέ μου καὶ μὴ ἀκύρους ποιήσεις ἑμοὺς λόγους
- 8 Rete lwen yon fanm konsa. Pa janm pwoche bò pòt lakay li,
Go far away from her, do not come near the door of her house;
μακρὰν ποιήσον ἀπ' αὐτῆς σὴν ὁδὸν μὴ ἐγγίσῃς πρὸς θύρας οἴκων αὐτῆς
- 9 pou fanm deyò pa fini avè ou, pou ou pa fè nèg ankòlè touye ou anvan lè ou!
For fear that you may give your honour to others, and your wealth to strange men:
ἵνα μὴ πρόη ἄλλοις ζωὴν σου καὶ σὸν βίον ἀνελεήμοσιν
- 10 Si se pa sa, se etranje ki va pran tout byen ou yo. Se lòt moun ki va jwi tou sa ou te travay fè.
And strange men may be full of your wealth, and the fruit of your work go to the house of others;
ἵνα μὴ πλησθῶσιν ἀλλότριοι σῆς ἰσχύος οἱ δὲ σοὶ πόνου εἰς οἶκου ἀλλοτρίων εἰσέλθωσιν
- 11 Lè w'a prèt pou ou mourì, w'a kouche sou kabann ou ap plenn. Maladi ap manje ou nan tout kò ou.
And you will be full of grief at the end of your life, when your flesh and your body are wasted;
καὶ μεταμεληθήσῃ ἐπ' ἐσχάτων ἡνίκα ἂν κατατριβῶσιν σάρκες σώματός σου

- 12 Lè sa a, w'a di: Poukisa mwen pa t' vle kite yo rale zòrèy mwen?
And you will say, How was teaching hated by me, and my heart put no value on training;
 και ἐρεῖς πῶς ἐμίσησα παιδείαν καὶ ἐλέγγους ἐξέκλιεν ἡ καρδία μου
- 13 Mwen pa t' vle koute moun ki t'ap moutre m' sa pou m' fè. Mwen pa t' louvri zòrèy mwen lè yo t'ap pale m'.
I did not give attention to the voice of my teachers, my ear was not turned to those who were guiding me!
 οὐκ ἤκουον φωνὴν παιδεύοντός με καὶ διδάσκοντός με οὐδὲ παρέβαλλον τὸ οὖς μου
- 14 Yon ti kras ankò, mwen t'ap nan tout kalite malè. La, devan tout moun, mwen t'ap pèdi repitasyon m'.
I was in almost all evil in the company of the people.
 παρ' ὀλίγον ἐγενόμην ἐν παντί κακῶ ἐν μέσῳ ἐκκλησίας καὶ συναγωγῆς
- 15 ¶ Bwè dlo nan kannari ou. Se ak madanm ou ase pou ou rete.
Let water from your store and not that of others be your drink, and running water from your fountain.
 πῖνε ὕδατα ἀπὸ σῶν ἀγγείων καὶ ἀπὸ σῶν φρεάτων πηγῆς
- 16 Pa fè pitit ak fanm deyò, pou san ou pa trennen nan lari.
Let not your springs be flowing in the streets, or your streams of water in the open places.
 μὴ ὑπερκεχρίσθω σοι τὰ ὕδατα ἐκ τῆς σῆς πηγῆς εἰς δὲ σὰς πλατείας διαπορευέσθω τὰ σὰ ὕδατα
- 17 Se pou pitit ou grandi anndan lakay ou. Yo pa ka ap sèvi ou pou y'ap sèvi moun deyò tou.
Let them be for yourself only, not for other men with you.
 ἔστω σοι μόνῳ ὑπάρχοντα καὶ μηδεὶς ἀλλότριος μετασχέτω σοι
- 18 Fè kè ou kontan ak madanm ou. Pran plezi ou ak madanm ou renmen depi lè ou te jenn lan.
Let blessing be on your fountain; have joy in the wife of your early years.
 ἡ πηγὴ σου τοῦ ὕδατος ἔστω σοι ἰδία καὶ συνευφραίνου μετὰ γυναικὸς τῆς ἐκ νεότητός σου
- 19 L'ap bèl, l'ap anfòm tankou nègès banda. Se pou karès li yo toujou fè kè ou kontan, se pou ou toujou renmen fè lamou ak li.
As a loving hind and a gentle doe, let her breasts ever give you rapture; let your passion at all times be moved by her love.
 ἔλαφος φιλίας καὶ πῶλος σῶν χαριῶν ὁμιλεῖτω σοι ἡ δὲ ἰδία ἡγείσθω σου καὶ συνέστω σοι ἐν παντί καιρῶ ἐν γὰρ τῇ ταύτης φιλίᾳ συμπεριφερόμενος πολλοστός ἔση
- 20 Pitit mwen, poukisa pou ou renmen yon lòt fanm? Poukisa pou ou kite madanm ou pou madanm lòt moun?
Why let yourself, my son, go out of the way with a strange woman, and take another woman in your arms?
 μὴ πολὺς ἴσθι πρὸς ἀλλοτρίαν μηδὲ συνέχου ἀγκάλαις τῆς μὴ ἰδίας
- 21 Seyè a wè tou sa w'ap fè. Kote ou pase, je l' sou ou.
For a man's ways are before the eyes of the Lord, and he puts all his goings in the scales.
 ἐνώπιον γὰρ εἰσιν τῶν τοῦ θεοῦ ὀφθαλμῶν ὁδοὶ ἀνδρός εἰς δὲ πάσας τὰς τροχιάς αὐτοῦ σκοπεύει
- 22 Mechanste mechan yo se yon pèlen pou pwòp tèt yo. Sa yo pare pou lòt moun, se yo menm li rive.
The evil-doer will be taken in the net of his crimes, and prisoned in the cords of his sin.
 παρανομίαι ἀνδρα ἀγρεύουσιν σειραῖς δὲ τῶν ἑαυτοῦ ἁμαρτιῶν ἕκαστος σφιγγεται
- 23 Y'ap mouri paske yo pa konn kontwòle tèt yo. Y'ap peri paske yo fin pèdi tèt yo nèt.
He will come to his end for need of teaching; he is so foolish that he will go wandering from the right way.
 οὗτος τελευτᾷ μετὰ ἀπαιδεύτων ἐκ δὲ πλήθους τῆς ἑαυτοῦ βιότητος ἐξερρίφη καὶ ἀπόλετο δι' ἀφροσύνην
- 1 ¶ Pitit mwen, si ou pwomèt pou ou reskonsab dèt yon zanmi ou fè, si ou bay pawòl ou pou lajan yon lòt moun prete,
My son, if you have made yourself responsible for your neighbour, or given your word for another,
 υἱέ ἐὰν ἐγγυήσῃ σὸν φίλον παραδώσεις σὴν χεῖρα ἐχθρῶ
- 2 si yo pran pawòl ki sot nan bouch ou pou mele ou, si pwomès ou te fè yo tounen yon pèlen pou ou,
You are taken as in a net by the words of your mouth, the sayings of your lips have overcome you.
 παγίς γὰρ ἰσχυρὰ ἀνδρὶ τὰ ἴδια χεῖλη καὶ ἀλίσκεται χεῖρεσιν ἰδίου στόματος

- 3 ay, pitit mwen! men sa pou ou fè pou ou wete tèt ou nan traka sa a. Kouri al jwenn zanmi ou lan, kenbe l' kout.
Do this, my son, and make yourself free, because you have come into the power of your neighbour; go without waiting, and make a strong request to your neighbour.
ποίει υἱέ ἄ ἐγώ σοι ἐντέλλομαι καὶ σῶζου ἡκεις γὰρ εἰς χεῖρας κακῶν διὰ σὸν φίλον ἴθι μὴ ἐκλυόμενος παρόξυνε δὲ καὶ τὸν φίλον σου ὃν ἐνεγυήσω
- 4 Pa dòmi sou sa. Pa kite sa trennen.
Give no sleep to your eyes, or rest to them;
μὴ δῶς ὕπνον σοῖς ὄμμασιν μηδὲ ἐπινυστάξης σοῖς βλεφάροις
- 5 Degaje ou chape kò ou anba men l', tankou kabrit k'ap chape kò l' anba men kaptè, tankou zwazo k'ap bat pou l' sove nan men chasè.
Make yourself free, like the roe from the hand of the archer, and the bird from him who puts a net for her.
ἵνα σῶζη ὥσπερ δορκὰς ἐκ βρόχων καὶ ὥσπερ ὄρνεον ἐκ παγίδος
- 6 ¶ Ou menm parese, al pran leson nan men founi yo. Ale wè jan y'ap viv pou ou manyè konprann lavi.
Go to the ant, you hater of work; give thought to her ways and be wise:
ἴθι πρὸς τὸν μύρμηκα ὃ ὀκνηρὸ καὶ ζήλωσον ἰδὼν τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ καὶ γενεῶ ἐκείνου σοφώτερος
- 7 Yo pa bezwen moun pou di yo sa pou yo fè. Yo pa bezwen moun pou veye yo, ni pou ba yo lòd.
Having no chief, overseer, or ruler,
ἐκείνῳ γὰρ γεωργίου μὴ ὑπάρχοντος μηδὲ τὸν ἀναγκάζοντα ἔχων μηδὲ ὑπὸ δεσπότην ὄν
- 8 Men, yo pase mwa chalè ap fè pwovizyon. Nan tan rekòt, yo ranmase manje mete la.
She gets her meat in the summer, storing up food at the time of the grain-cutting.
ἐτοιμάζεται θέρους τὴν τροφήν πολλήν τε ἐν τῷ ἀμῆτῳ ποιεῖται τὴν παράθεσιν [8α] ἢ πορευέθητι πρὸς τὴν μέλισσαν καὶ μάθε ὡς ἐργάτις ἐστὶν τὴν τε ἐργασίαν ὡς σεμνὴν ποιεῖται [8β] ἢς τοὺς πόνους βασιλεῖς καὶ ἰδιῶται πρὸς ὑγίειαν προσφέρονται ποθεινὴ δὲ ἐστὶν πᾶσιν καὶ ἐπίδοξος [8ξ] καίπερ οὐσα τῇ ρώμῃ ἀσθενῆς τὴν σοφίαν τιμήσασα προήχθη
- 9 Parese, kilè w'a sispann pase tout jounen ou kouche sou do? Kilè w'a souke kò ou leve sot nan dòmi?
How long will you be sleeping, O hater of work? when will you get up from your sleep?
ἕως τίνος ὀκνηρὸ κατάκεισαι πότε δὲ ἐξ ὕπνου ἐγερθήσῃ
- 10 W'ap di: Kite m' fè yon ti dòmi. Kite m' fè yon ti kabicha non. M'ap lonje kò m' pou m' pran yon ti repo.
A little sleep, a little rest, a little folding of the hands in sleep:
ὀλίγον μὲν ὑπνοῖς ὀλίγον δὲ κάθησαι μικρὸν δὲ νυστάξεις ὀλίγον δὲ ἐναγκαλίξῃ χερσὶν στήθη
- 11 Antan w'ap dòmi an, san ou pa konnen, se pòn w'ap vin pi pòn. Grangou ap tonbe sou ou tankou yon volè nan gran chemen.
Then loss will come on you like an outlaw, and your need like an armed man
εἴτ' ἐμπαράγινεται σοι ὥσπερ κακὸς ὁδοιπόρος ἢ πένια καὶ ἡ ἐνδεια ὥσπερ ἀγαθὸς δρομεὺς [11α] ἐὰν δὲ ἄοκνος ἦς ἤξει ὥσπερ πηγὴ ὁ ἀμῆτός σου ἢ δὲ ἐνδεια ὥσπερ κακὸς δρομεὺς ἀπαντομολήσει
- 12 ¶ Mechan yo fin deprave. Y'ap mache bay manti toupatou.
A good-for-nothing man is an evil-doer; he goes on his way causing trouble with false words;
ἀνὴρ ἄφρων καὶ παράνομος πορεύεται ὁδοὺς οὐκ ἀγαθὰς
- 13 Y'ap twenzi je yo sou moun, y'ap peze gwo zòtèy yo atè. Y'ap fè siy ak dwèt yo.
Making signs with his eyes, rubbing with his feet, and giving news with his fingers;
ὁ δ' αὐτὸς ἐννεύει ὀφθαλμῷ σημαίνει δὲ ποδὶ διδάσκει δὲ ἐννεύμασιν δακτύλων
- 14 Se move lide ase ki nan kè yo, yo toujou sou plan. Kote yo pase y'ap pouse dife.
His mind is ever designing evil: he lets loose violent acts.
διεστραμμένη δὲ καρδία τεκταίνεται κακὰ ἐν παντὶ καιρῷ ὁ τοιοῦτος ταραχὰς συνίστησιν πόλει
- 15 Se poutèt sa, y'ap rete konsa y'ap fini, y'ap glise tonbe san yo p'ap ka leve ankò.
For this cause his downfall will be sudden; quickly he will be broken, and there will be no help for him.
διὰ τοῦτο ἐξαπίνης ἔρχεται ἡ ἀπώλεια αὐτοῦ διακοπὴ καὶ συντριβὴ ἀνιάτος
- 16 Gen sis bagay Seyè a pa vle wè. Sa m'ap di la a: Gen menm sèt bagay li pa ka sipòte:
Six things are hated by the Lord; seven things are disgusting to him:
ὅτι χαίρει πᾶσιν οἷς μισεῖ ὁ κύριος συντρίβεται δὲ δι' ἀκαθαρσίαν ψυχῆς

- 17 Se moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun, se moun k'ap bay manti, se moun k'ap touye moun inonsan,
Eyes of pride, a false tongue, hands which take life without cause;
 ὀφθαλμὸς ὕβριστοῦ γλῶσσα ἄδικος χεῖρες ἐκχέουσαι αἷμα δικαίου
- 18 se moun k'ap fè move lide nan tèt yo pou fè mehanste, se moun ki toujou pare pou fè sa ki mal,
A heart full of evil designs, feet which are quick in running after sin;
 καὶ καρδιά τεκταινομένη λογισμοὺς κακοὺς καὶ πόδες ἐπισπεύδοντες κακοποιεῖν
- 19 se fo temwen k'ap bay manti sou moun, se moun k'ap mete frè ak zanmi dozado.
A false witness, breathing out untrue words, and one who lets loose violent acts among brothers.
 ἐκκαίει ψεῦδη μάρτυς ἄδικος καὶ ἐπιτέμπει κρίσεις ἀνά μέσον ἀδελφῶν
- 20 ¶ Pitit mwen, toujou fè sa papa ou di ou fè. Pa janm bliye sa manman ou te moutre ou.
My son, keep the rule of your father, and have in memory the teaching of your mother:
 υἱέ φύλασσε νόμους πατρός σου καὶ μὴ ἀπόση θεσμοὺς μητρός σου
- 21 Kenbe pawòl yo nan kè ou, pa janm bliye yo. Mete yo nan kou ou tankou yon kolye.
Keep them ever folded in your heart, and have them hanging round your neck.
 ἄφασαι δὲ αὐτοῦς ἐπὶ σῆ ψυχῇ διὰ παντὸς καὶ ἐγκλοῖώσαι ἐπὶ σῶ τραχήλῳ
- 22 Pawòl sa yo va moutre ou bon chemen nan tou sa w'ap fè. Y'ap pwoteje ou lè w'ap dòmi lannwit. Y'a ba ou konsèy lè je ou klè.
In your walking, it will be your guide; when you are sleeping, it will keep watch over you; when you are awake, it will have talk with you.
 ἡνίκα ἂν περιπατῆς ἐπάγου αὐτήν καὶ μετὰ σοῦ ἔστω ὡς δ' ἂν καθεύδῃς φυλασσέτω σε ἵνα ἐγειρομένῳ συλλαλῇ σοι
- 23 Pawòl sa yo ap tankou yon lanp pou ou. Sa yo moutre ou ap tankou yon limyè nan lavi ou. Lè y'ap korige ou, lè y'ap rale zòrèy ou, se moutre y'ap moutre ou chemen lavi.
For the rule is a light, and the teaching a shining light; and the guiding words of training are the way of life.
 ὅτι λύχνος ἐντολὴ νόμου καὶ φῶς καὶ ὁδὸς ζωῆς ἔλεγχος καὶ παιδεία
- 24 Y'ap fè ou rete lwen fanm k'ap twonpe mari yo, pou ou pa pran nan pawòl dous madan marye ki nan dezòd.
They will keep you from the evil woman, from the smooth tongue of the strange woman.
 τοῦ διαφυλάσσειν σε ἀπὸ γυναικὸς ὑπάνδρου καὶ ἀπὸ διαβολῆς γλώσσης ἀλλοτρίας
- 25 Yo te mèt bèl kou yo bèl, pa kite yo pran tèt ou. Pa kite yo pran tèt ou lè y'ap fè je dou ba ou.
Let not your heart's desire go after her fair body; let not her eyes take you prisoner.
 μὴ σε νικίῃσιν κάλλους ἐπιθυμία μηδὲ ἀγρευθῆς σοῖς ὀφθαλμοῖς μηδὲ συναρπασθῆς ἀπὸ τῶν αὐτῆς βλεφάρων
- 26 Yon jennès ka koute yon kraze kòb. Men, yon fanm adiltè deyè pou l' pran tou sa ou genyen.
For a loose woman is looking for a cake of bread, but another man's wife goes after one's very life.
 τιμὴ γὰρ πόρνης ὄση καὶ ἐνὸς ἄρτου γυνὴ δὲ ἀνδρῶν τιμίας ψυχὰς ἀγρεύει
- 27 Ou pa ka sere dife anndan rad sou ou pou rad la pa boule.
May a man take fire to his breast without burning his clothing?
 ἀποδήσει τις πῦρ ἐν κόλπῳ τὰ δὲ ἱμάτια οὐ κατακαύσει
- 28 Ou pa ka mache sou chabon dife pou pye ou pa boule.
Or may one go on lighted coals, and his feet not be burned?
 ἢ περιπατήσει τις ἐπ' ἀνθράκων πυρός τοὺς δὲ πόδας οὐ κατακαύσει
- 29 Konsa tou, se yon gwo danje pou ou kouri deyè fanm yon lòt gason. Depi ou manyen yon fanm konsa, ou gen pou ou peye pou sa.
So it is with him who goes in to his neighbour's wife; he who has anything to do with her will not go free from punishment.
 οὕτως ὁ εἰσελθὼν πρὸς γυναῖκα ὑπάνδρου οὐκ ἀθωωθήσεται οὐδὲ πᾶς ὁ ἀπτόμενος αὐτῆς
- 30 Menm lè yon vòlò vòlò paske li grangou, se pa sa ki di li pa vòlò pou sa.
Men do not have a low opinion of a thief who takes food when he is in need of it:
 οὐ θαυμαστὸν ἐὰν ἄλῳ τις κλέπτων κλέπτει γὰρ ἵνα ἐμπλήσῃ τὴν ψυχὴν πεινῶν

- 31 Si yo bare l', y'ap fè l' peye sèt fwa lavalè sa l' pran an. Y'a fè l' bay tou sa li gen lakay li.
But if he is taken in the act he will have to give back seven times as much, giving up all his property which is in his house.
ἐὰν δὲ ἀλῶ ἄποτεισῆι ἑπταπλάσια καὶ πάντα τὰ ὑπάρχοντα αὐτοῦ δοῦς ῥύσεται ἑαυτὸν
- 32 Men, yon nonm ki fè adiltè, se moun fou li ye, se detwi l'ap detwi tèt li.
He who takes another man's wife is without all sense: he who does it is the cause of destruction to his soul.
ὁ δὲ μοιχὸς δι' ἔνδειαν φρενῶν ἀπώλειαν τῆ ψυχῆ αὐτοῦ περιποιεῖται
- 33 L'ap pran baton. Y'ap pase l' anba kont betiz, l'ap toujou wont pou sa l' fè a.
Wounds will be his and loss of honour, and his shame may not be washed away.
ὀδύνας τε καὶ ἀτιμίας ὑποφέρει τὸ δὲ ὄνειδος αὐτοῦ οὐκ ἐξαλειφθήσεται εἰς τὸν αἰῶνα
- 34 Lè yon mari ap fè jalouzi pou madanm li, nanpwen move tankou l'. Jou li mete men sou nèg la, pa gen anyen li p'ap fè l'.
For bitter is the wrath of an angry husband; in the day of punishment he will have no mercy.
μεστὸς γὰρ ζήλου θυμὸς ἀνδρὸς αὐτῆς οὐ φείσεται ἐν ἡμέρᾳ κρίσεως
- 35 Li p'ap asepte lajan. Nanpwen kado ki pou fè l' bliye sa.
He will not take any payment; and he will not make peace with you though your money offerings are increased.
οὐκ ἀνταλλάσσεται οὐδενὸς λύτρου τὴν ἔχθραν οὐδὲ μὴ διαλυθῆ πολλῶν δῶρων
- 1 ¶ Pitit mwen, chonje sa m'ap moutre ou la a. Pa janm bliye sa m'ap di ou pou fè a.
My son, keep my sayings, and let my rules be stored up with you.
νιὲ φύλασσε ἐμοῦς λόγους τὰς δὲ ἐμὰς ἐντολὰς κρύψον παρὰ σεαυτῷ [1α] νιὲ τίμα τὸν κύριον καὶ ἰσχύσεις πλὴν δὲ αὐτοῦ μὴ φοβοῦ ἄλλον
- 2 Si ou fè sa m'ap di ou pou fè a, w'a viv. Konsidere sa m' moutre ou la tankou de grenn je nan tèt ou.
Keep my rules and you will have life; let my teaching be to you as the light of your eyes;
φύλαξον ἐμὰς ἐντολὰς καὶ βιώσεις τοὺς δὲ ἐμοῦς λόγους ὥστερ κόρας ὀμμάτων
- 3 Mete li nan tout dwèt ou tankou bag, kenbe li nan kè ou pou ou pa janm bliye l'.
Let them be fixed to your fingers, and recorded in your heart.
περίθου δὲ αὐτοὺς σοῖς δακτύλοις ἐπίγραψον δὲ ἐπὶ τὸ πλάτος τῆς καρδίας σου
- 4 Konsidere konesans tankou sè ou. Konsidere bon konprann tankou pi bon zanmi ou.
Say to wisdom, You are my sister; let knowledge be named your special friend:
εἶπον τὴν σοφίαν σὴν ἀδελφὴν εἶναι τὴν δὲ φρόνησιν γινώριμον περιποίησαι σεαυτῷ
- 5 Y'ap fè ou rete lwen madanm lòt moun. Yo p'ap kite ou pran nan pawòl dous madan marye ki nan dezòd.
So that they may keep you from the strange woman, even from her whose words are smooth.
ἵνα σε τηρήσῃ ἀπὸ γυναικὸς ἀλλοτρίας καὶ πονηρᾶς ἐάν σε λόγοις τοῖς πρὸς χάριν ἐμβάληται
- 6 ¶ Yon jou, antan mwen nan fennèt lakay mwen, mwen t'ap gade nan fant jalouzi a.
Looking out from my house, and watching through the window,
ἀπὸ γὰρ θυρίδος ἐκ τοῦ οἴκου αὐτῆς εἰς τὰς πλατείας παρακύπτουσα
- 7 Mwen wè anpil jenn gason san esperyans nan lavi. Te gen yonn ladan yo menm ki te fin fou.
I saw among the young men one without sense,
ὄν ἂν ἴδῃ τῶν ἀφρόνων τέκνων νεανίαν ἐνδεῆ φρενῶν
- 8 Li t'ap mache nan lari a, li rive bò kay yon fanm. Konsa, konsa, li pran chemen ki mennen kay fanm lan.
Walking in the street near the turn of her road, going on the way to her house,
παραπορευόμενον παρὰ γωνίαν ἐν διόδοις οἴκων αὐτῆς
- 9 Le sa a solèy te kouche, te fin fè nwa.
At nightfall, in the evening of the day, in the black dark of the night.
καὶ λαλοῦντα ἐν σκότει ἑσπερινῷ ἠνίκα ἂν ἡσυχία νυκτερινῆ ἦ καὶ γνωφώδης

- 10 Madanm lan menm vin kontre li. Li te abiye tankou yon jennès, ak tout plan l' dèyè tèt li.
And the woman came out to him, in the dress of a loose woman, with a designing heart;
ή δὲ γυνή συναντᾷ αὐτῷ εἶδος ἔχουσα πορνικόν ἢ ποιεῖ νέων ἐξίπτασθαι καρδίας
- 11 Fanm lan te gen je chèch, li pa t' wont anyen. Li pa t' kapab rete chita lakay li.
She is full of noise and uncontrolled; her feet keep not in her house.
ἀνεπτερωμένη δὲ ἐστὶν καὶ ἄσωτος ἐν οἴκῳ δὲ οὐχ ἡσυχάζουσιν οἱ πόδες αὐτῆς
- 12 Li toupatou nan lari, sou laplas, nan tout kalfou. L'ap veye, je l' toupatou.
Now she is in the street, now in the open spaces, waiting at every turning of the road.
χρόνον γὰρ τίνα ἔξω ῥέμβεται χρόνον δὲ ἐν πλατείαις παρὰ πᾶσαν γωνίαν ἐνεδρεύει
- 13 Li pase bra l' nan kou ti jennonm lan. Li bo li, li klere je l' nan je l', li di l':
So she took him by his hand, kissing him, and without a sign of shame she said to him:
εἶτα ἐπιλαβομένη ἐφίλησεν αὐτόν ἀναιδεῖ δὲ προσώπῳ προσεῖπεν αὐτῷ
- 14 Mwen te gen pou m' ofri yon bèt pou yo touye pou di Bondye mèsi. Se jòdi a mwen kit ak angajman mwen an.
I have a feast of peace-offerings, for today my oaths have been effected.
Θυσία εἰρηνικὴ μοί ἐστὶν σήμερον ἀποδίδωμι τὰς εὐχάς μου
- 15 Se poutèt sa, mwen vin kontre ou. Mwen t'ap chache ou, mwen jwenn ou.
So I came out in the hope of meeting you, looking for you with care, and now I have you.
ἐνεκα τούτου ἐξῆλθον εἰς συνάντησίν σοι ποθοῦσα τὸ σὸν πρόσωπον εὐρηκά σε
- 16 Mwen ranje kabann mwen ak bon jan dra. Mwen mete bèl dra koulè ki soti peyi Lejip sou kabann mwen.
My bed is covered with cushions of needlework, with coloured cloths of the cotton thread of Egypt;
κειρίαις τέτακα τὴν κλίνην μου ἀμφιτάποις δὲ ἔστρωκα τοῖς ἀπ' αἰγύπτου
- 17 Mwen fè kabann mwen santi bon. Mwen vide odè flè jasmen, womaren ak kannèl sou li.
I have made my bed sweet with perfumes and spices.
διέρραγκα τὴν κοίτην μου κρόκῳ τὸν δὲ οἶκόν μου κινναμώμῳ
- 18 Vini non! Ann al damou jouk li jou. Annu pran plezi nou. Ann fè doudous jouk nou sou.
Come, let us take our pleasure in love till the morning, having joy in love's delights.
ἐλθὲ καὶ ἀπολαύσωμεν φιλίας ἕως ὄρθρου δεῦρο καὶ ἐγκυλισθῶμεν ἔρωτι
- 19 Mari m' pa la, li pati, li al fè yon vwayaj byen lwen.
For the master of the house is away on a long journey:
οὐ γὰρ παρέστιν ὁ ἀνὴρ μου ἐν οἴκῳ πεπόρευται δὲ ὁδὸν μακρὰν
- 20 Li pati ak anpil lajan nan pòch li. Li p'ap tounen anvan kenz jou.
He has taken a bag of money with him; he is coming back at the full moon.
ἐνδεσμον ἀργυρίου λαβὼν ἐν χειρὶ αὐτοῦ δι' ἡμερῶν πολλῶν ἐπανήξει εἰς τὸν οἶκον αὐτοῦ
- 21 Se konsa, fanm lan fin pran tèt ti jennonm lan. Ak bèl pawòl dous li yo, li fè l' asepte.
With her fair words she overcame him, forcing him with her smooth lips.
ἀπεπλάνησεν δὲ αὐτὸν πολλῇ ὁμιλίᾳ βρόχοις τε τοῖς ἀπὸ χειλέων ἐξώκειλεν αὐτόν
- 22 Jennonm lan pran swiv li, tankou bèf y'ap mennen labatwa, tankou kabrit yo pran nan pèlen
The simple man goes after her, like an ox going to its death, like a roe pulled by a cord;
ὁ δὲ ἐπηκολούθησεν αὐτῇ κεφωθεὶς ὥσπερ δὲ βοῦς ἐπὶ σφαγῆν ἄγεται καὶ ὥσπερ κύων ἐπὶ δεσμοῦς
- 23 k'ap tann yo vin koupe tèt li, tankou zwazo k'ap mache sou pèlen san li pa konnen lavi l' an danje.
Like a bird falling into a net; with no thought that his life is in danger, till an arrow goes into his side.
ἢ ὡς ἔλαφος τοξεύματι πεπληγὸς εἰς τὸ ἦπαρ σπεύδει δὲ ὥσπερ ὄρνεν εἰς παγίδα οὐκ εἰδὼς ὅτι περὶ ψυχῆς τρέχει

- 24 ¶ Koulye a, pitit mwen yo, koute byen. Louvri zòrèy nou, tande sa m'ap di nou.
So now, my sons, give ear to me; give attention to the sayings of my mouth;
νὺν οὖν υἱέ ἄκουέ μου καὶ πρόσεχε ῥήμασιν στόματός μου
- 25 Pa kite kè nou bat pou fanm konsa. Pa kite li fè nou pèdi chemen nou.
Let not your heart be turned to her ways, do not go wandering in her footsteps.
μὴ ἐκκλινάτω εἰς τὰς ὁδοὺς αὐτῆς ἡ καρδιά σου
- 26 Li lakòz anpil gason tonbe mouri. Li lakòz anpil vanyan gason pèdi lavi yo.
οἰκίαι παρανόμων ὀφειλήσουσιν καθαρισμόν οἰκίαι δὲ δικαίων δεκταί

- 10 ¶ Lè ou nan lapenn, se ou ki konnen sa w'ap souffri. Konsa tou, lè kè ou kontan, pesonn pa ka kontan avè ou.
No one has knowledge of a man's grief but himself; and a strange person has no part in his joy.
καρδία ἀνδρὸς αἰσθητικὴ λυπηρὰ ψυχὴ αὐτοῦ ὅταν δὲ εὐφραίνεται οὐκ ἐπιμείνεται ὕβρει
- 11 ¶ Fanmi mechan yo gen pou disparèt. Men, fanmi moun k'ap mache dwat yo gen pou devlope.
The house of the sinner will be overturned, but the tent of the upright man will do well.
οἰκία ἀσεβῶν ἀφανισθήσονται σκιναὶ δὲ κατορθούτων στήσονται
- 12 ¶ Chemen ou kwè ki bon an, se li ki mennen tou dwat nan lanmò.
There is a way which seems straight before a man, but its end is the ways of death.
ἔστιν ὁδὸς ἣ δοκεῖ ὀρθὴ εἶναι παρὰ ἀνθρώποις τὰ δὲ τελευταῖα αὐτῆς ἔρχεται εἰς πυθμένα ἄδου
- 13 ¶ Ou mèt ap ri, kè ou ka nan lapenn. Apre kontantman, se kè sere.
Even while laughing the heart may be sad; and after joy comes sorrow.
ἐν εὐφροσύναις οὐ προσμείνεται λύπη τελευταῖα δὲ χαρὰ εἰς πένθος ἔρχεται
- 14 ¶ Moun k'ap fè sa ki mal ap jwenn sa l'ap chache a. Konsa tou, moun k'ap fè byen an ap jwenn rekonpans li.
He whose heart is turned away will have the reward of his ways in full measure; but a good man will have the reward of his doings.
τῶν ἐαυτοῦ ὁδῶν πλησθήσεται θρασυκάρδιος ἀπὸ δὲ τῶν διανοημάτων αὐτοῦ ἀνὴρ ἀγαθός
- 15 ¶ Yon moun sòt ap kwè tou sa yo di l'. Men, moun ki gen konprann veye kote l'ap mete pye l'.
The simple man has faith in every word, but the man of good sense gives thought to his footsteps.
ἄκακος πιστεύει παντὶ λόγῳ πανοῦργος δὲ ἔρχεται εἰς μετάνοιαν
- 16 ¶ Moun ki gen bon konprann pran prekosyon yo, yo egzante malè. Moun sòt yo awogan, yo toujou konprann zafè yo bon.
The wise man, fearing, keeps himself from evil; but the foolish man goes on in his pride, with no thought of danger.
σοφὸς φοβηθεὶς ἐξέκλιεν ἀπὸ κακοῦ ὁ δὲ ἄφρων ἐαυτῷ πεποιθὼς μείγνεται ἀνόμῳ
- 17 ¶ Lè yon moun gen san wo, l'ap toujou fè betiz. Men, moun ki kalkile anvan ap toujou rete kè pòpòz.
He who is quickly angry will do what is foolish, but the man of good sense will have quiet.
ὀξύθυμος πρᾶσσει μετὰ ἀβουλίας ἀνὴρ δὲ φρόνιμος πολλὰ ὑποφέρει
- 18 ¶ Moun san konprann aji tankou moun fou. Men, rekonpans moun ki gen lespri se konesans.
Foolish behaviour is the heritage of the simple, but men of good sense are crowned with knowledge.
μεριοῦνται ἄφρονες κακίαν οἱ δὲ πανοῦργοι κρατήσουσιν αἰσθήσεως
- 19 ¶ Move moun gen pou wete chapo devan bon moun. Moun mechan gen pou bese tèt devan moun k'ap mache dwat yo.
The knees of the evil are bent before the good; and sinners go down in the dust at the doors of the upright.
ὀλισθήσουσιν κακοὶ ἐναντὶ ἀγαθῶν καὶ ἀσεβεῖς θεραπεύσουσιν θύρας δικαίων
- 20 ¶ Lè ou pòn, ou pa gen zanmi. Lè ou rich, ou plen zanmi.
The poor man is hated even by his neighbour, but the man of wealth has numbers of friends.
φίλοι μισήσουσιν φίλους πτωχοῦς φίλοι δὲ πλουσίων πολλοί
- 21 ¶ Se yon peche ou fè lè ou meprize frè parèy ou. Men, ala bon sa bon pou moun ki gen pitye pou pòn malere!
He who has no respect for his neighbour is a sinner, but he who has pity for the poor is happy.
ὁ ἀτιμάζων πένητας ἁμαρτάνει ἐλεῶν δὲ πτωχοῦς μακαριστός
- 22 ¶ Lè w'ap chache fè sa ki mal, ou pèdi chemen ou. Men, lè w'ap chache fè sa ki byen, moun ap toujou renmen ou, yo p'ap janm lage ou.
Will not the designers of evil come into error? But mercy and good faith are for the designers of good.
πλανώμενοι τεκταίνουσι κακὰ ἔλεον δὲ καὶ ἀλήθειαν τεκταίνουσιν ἀγαθοὶ οὐκ ἐπίστανται ἔλεον καὶ πίστιν τέκτονες κακῶν ἐλεημοσύναι δὲ καὶ πίστις παρὰ τέκτοσιν ἀγαθοῖς
- 23 ¶ Travay, w'a jwenn tou sa ou bezwen. Rete chita ap pale anpil ap rann ou pòn.
In all hard work there is profit, but talk only makes a man poor.
ἐν παντὶ μεριμνῶντι ἔνεστιν περισσόν ὁ δὲ ἡδὸς καὶ ἀνάληγτος ἐν ἐνδείᾳ ἔσται

- 24 ¶ Rekonpans moun ki gen konprann se konesans. Moun san konprann ap toujou aji tankou moun sòt.
Their wisdom is a crown to the wise, but their foolish behaviour is round the head of the unwise.
στέφανος σοφῶν πανούργος ἢ δὲ διατριβὴ ἀφρόνων κακὴ
- 25 ¶ Lè yon temwen di laverite, li sove lavi inonsan. Lè li bay manti, li twonpe jij yo.
A true witness is the saviour of lives; but he who says false things is a cause of deceit.
ρύσεται ἐκ κακῶν ψυχὴν μάρτυς πιστὸς ἐκκαίει δὲ ψεῦδη δόλιος
- 26 ¶ Lè yon moun gen krentif pou Bondye, li gen kote pou l' apiye. Pitit li yo ap jwenn pwoteksyon bò kot Bondye.
For him in whose heart is the fear of the Lord there is strong hope: and his children will have a safe place.
ἐν φόβῳ κυρίου ἐλπὶς ἰσχύος τοῖς δὲ τέκνοις αὐτοῦ καταλείπει ἔρεισμα
- 27 Gen krentif pou Bondye, w'a gen lavi. Ou p'ap tonbe lè lavi ou an danje.
The fear of the Lord is a fountain of life, by which one may be turned from the nets of death.
πρόσταγμα κυρίου πηγὴ ζωῆς ποιῶν δὲ ἐκκλίνειν ἐκ παγίδος θανάτου
- 28 ¶ Tout pouvwa yon wa, se lè peyi l'ap kòmande a gen anpil moun. Men, lè pa gen moun nan peyi a, wa a pa vo anyen.
A king's glory is in the number of his people: and for need of people a ruler may come to destruction.
ἐν πολλῷ ἔθνει δόξα βασιλέως ἐν δὲ ἐκλείψει λαοῦ συντριβὴ δυνάστου
- 29 ¶ Moun ki pa fè kòlè fasil, se moun ki gen bon konprann. Men, moun ki gen san wo fè wè jan li sòt.
He who is slow to be angry has great good sense; but he whose spirit is over-quick gives support to what is foolish.
μακρόθυμος ἀνὴρ πολὺς ἐν φρονήσει ὁ δὲ ὀλιγόψυχος ἰσχυρῶς ἄφρων
- 30 ¶ Lè ou gen kè ou poze, ou kenbe kò ou an sante. Men, anvye sò lòt moun se tankou yon maladi k'ap manje ou nan zo.
A quiet mind is the life of the body, but envy is a disease in the bones.
πραῦθυμος ἀνὴρ καρδίας ἰατρὸς σῆς δὲ ὀστέων καρδία αἰσθητικὴ
- 31 ¶ Lè w'ap peze pòn malere, se Bondye ki fè l' la w'ap derespekte. Men, lè ou aji byen ak pòn, se pi bèl sèvis ou ka rann Bondye.
He who is hard on the poor puts shame on his Maker; but he who has mercy on those who are in need gives him honour.
ὁ συκοφαντῶν πένητα παροξύνει τὸν ποιήσαντα αὐτόν ὁ δὲ τιμῶν αὐτὸν ἐλεᾷ πτωχόν
- 32 ¶ Mechanste mehan an, se sa k'ap jete l' atè. Men, moun ki fè sa ki byen, y'ap pwoteje l' menm lè lavi l' an danje.
The sinner is overturned in his evil-doing, but the upright man has hope in his righteousness.
ἐν κακίᾳ αὐτοῦ ἀποσθήσεται ἀσεβῆς ὁ δὲ πεποιθὼς τῇ ἑαυτοῦ ὀσιότητι δίκαιος
- 33 ¶ Moun ki gen konprann, se tout tan y'ap chache konnen. Men, moun sòt pa chache konnen anyen.
Wisdom has her resting-place in the mind of the wise, but she is not seen among the foolish.
ἐν καρδίᾳ ἀγαθῆ ἀνδρὸς σοφία ἐν δὲ καρδίᾳ ἀφρόνων οὐ διαγινώσκειται
- 34 ¶ Lè gen jistis nan yon peyi, sa leve peyi a. Men, peche lenjistis se yon wont pou yon nasyon.
By righteousness a nation is lifted up, but sin is a cause of shame to the peoples.
δικαιοσύνη ὑψοῖ ἔθνος ἐλασσονοῦσι δὲ φυλὰς ἁμαρτίαι
- 35 ¶ Wa a kontan lè moun k'ap travay avè l' yo fè travay yo byen. Men, l'ap move sou moun k'ap fè travay yo mal.
The king has pleasure in a servant who does wisely, but his wrath is against him who is a cause of shame.
δεκτὸς βασιλεὶ ὑπηρέτης νοήμων τῆ δὲ ἑαυτοῦ εὐστροφία ἀφαιρεῖται ἀτιμίαν
- 1 ¶ Yon bon repons dous ap kalme yon moun ki ankòlè. Men, si ou reponn li rèd, w'ap fè l' pi eksite.
By a soft answer wrath is turned away, but a bitter word is a cause of angry feelings.
ὀργὴ ἀπόλλυσιν καὶ φρονίμους ἀπόκρισις δὲ ὑποπίπτουσα ἀποστρέφει θυμὸν λόγος δὲ λυπηρὸς ἐγείρει ὀργάς
- 2 ¶ Pawòl ki sot nan bouch moun ki gen bon konprann fè ou anvì konnen tou. Men, pawòl ki sot nan bouch moun san konprann, se pawòl san sans.
Knowledge is dropping from the tongue of the wise; but from the mouth of the foolish comes a stream of foolish words.
γλῶσσα σοφῶν καλὰ ἐπίσταται στόμα δὲ ἀφρόνων ἀναγγελεῖ κακά

- 3 ¶ Je Seyè a toupatou, l'ap veye tout moun, bon kou mechan.
The eyes of the Lord are in every place, keeping watch on the evil and the good.
ἐν παντί τόπω ὀφθαλμοὶ κυρίου σκοπεύουσιν κακοὺς τε καὶ ἀγαθοὺς
- 4 ¶ Bon pawòl yon zanmi bay lavi. Men, move pawòl demanbre.
A comforting tongue is a tree of life, but a twisted tongue is a crushing of the spirit.
ἴσσις γλώσσης δένδρον ζωῆς ὃ δὲ συντηρῶν αὐτὴν πλησθήσεται πνεύματος
- 5 ¶ Moun fou pa koute lè papa yo ap pale yo. Men, moun ki gen bon konprann koute lè y'ap rale zòrèy yo.
A foolish man puts no value on his father's training; but he who has respect for teaching has good sense.
ἄφρων μυκτηρίζει παιδείαν πατρός ὃ δὲ φυλάσσω ἐντολὰς πανουργότερος
- 6 ¶ Moun ki mache dwat ap toujou gen sa yo bezwen an kantite lakay yo. Men, tou sa mechan yo genyen se tèt chaje pou yo.
In the house of the upright man there is a great store of wealth; but in the profits of the sinner there is trouble.
ἐν πλεοναζούσῃ δικαιοσύνῃ ἰσχὺς πολλή οἱ δὲ ἀσεβεῖς ὀλόρριζοὶ ἐκ γῆς ὀλοῦνται οἴκοις δικαίων ἰσχὺς πολλή καρποὶ δὲ ἀσεβῶν ἀπολοῦνται
- 7 ¶ Lè moun ki gen bon konprann yo ap pale, se konesans y'ap bay. Men, se pa menm bagay pou moun ki san konprann yo.
The lips of the wise keep knowledge, but the heart of the foolish man is not right.
χεῖλη σοφῶν δέδεται αἰσθήσει καρδία δὲ ἀφρόνων οὐκ ἀσφαλεῖς
- 8 ¶ Seyè a pa ka sipòte lè mechan yo ap ofri bèt pou touye pou li. Men, sa fè l' plezi anpil lè moun k'ap mache dwat yo ap lapriyè nan pye l'.
The offering of the evil-doer is disgusting to the Lord, but the prayer of the upright man is his delight.
θυσίαι ἀσεβῶν βδέλυγμα κυρίῳ εὐχαὶ δὲ κατευθυνόντων δεκταὶ παρ' αὐτῷ
- 9 ¶ Seyè a pa ka sipòte jan mechan yo ap viv la. Men, li renmen moun k'ap fè sa ki dwat devan li.
The way of the evil-doer is disgusting to the Lord, but he who goes after righteousness is dear to him.
βδέλυγμα κυρίῳ ὁδοὶ ἀσεβοῦς διώκοντας δὲ δικαιοσύνην ἀγαπᾷ
- 10 ¶ Moun ki fè sa ki mal mèt pare tann pinisyon yo. Men, moun ki pa ka sipòte pou yo pini yo pa lwen mourì.
There is bitter punishment for him who is turned from the way; and death will be the fate of the hater of teaching.
παιδεία ἀκάκου γωρίζεται ὑπὸ τῶν παριόντων οἱ δὲ μισούντες ἐλέγχους τελευτῶσιν αἰσχροῦς
- 11 ¶ Seyè a konnen sa k'ap pase nan twou san fon an ak nan peyi kote mò yo ye a. Ou pa bezwen mande si l' pa konnen sa k'ap pase nan kè moun.
Before the Lord are the underworld and destruction: how much more, then, the hearts of the children of men!
ἕδη καὶ ἀπώλεια φανερά παρὰ τῷ κυρίῳ πῶς οὐχὶ καὶ αἱ καρδία τῶν ἀνθρώπων
- 12 ¶ Moun k'ap pase moun nan betiz pa renmen moun rale zòrèy yo. Yo pa janm mande moun ki gen bon konprann konsèy.
The hater of authority has no love for teaching; he will not go to the wise.
οὐκ ἀγαπήσει ἀπαιδέυτος τοὺς ἐλέγχοντας αὐτόν μετὰ δὲ σοφῶν οὐχ ὁμιλήσει
- 13 ¶ Lè kè ou kontan, yo wè sa sou figi ou. Lè ou nan lapenn, ou kagou.
A glad heart makes a shining face, but by the sorrow of the heart the spirit is broken.
καρδίας εὐφραينوμένης πρόσωπον θάλλει ἐν δὲ λύταις οὔσης σκυθρωπάζει
- 14 ¶ Yon moun ki gen konprann toujou ap chache gen konesans. Men, moun sòt pran plezi nan pale koze san sans.
The heart of the man of good sense goes in search of knowledge, but foolish things are the food of the unwise.
καρδία ὀρθὴ ζητεῖ αἰσθησιν στόμα δὲ ἀπαιδέυτων γνῶσεται κακά
- 15 ¶ Lè ou nan lafliksyon, chak jou se pwoblèm. Men, lè kè ou kontan, lavi se yon fèt pou ou.
All the days of the troubled are evil; but he whose heart is glad has an unending feast.
πάντα τὸν χρόνον οἱ ὀφθαλμοὶ τῶν κακῶν προσδέχονται κακά οἱ δὲ ἀγαθοὶ ἡσυχάζουσιν διὰ παντός
- 16 ¶ Pito ou pa gen anpil byen men ou gen krentif pou Bondye pase pou ou rich epi pou ou nan tèt chaje.
Better is a little with the fear of the Lord, than great wealth together with trouble.
κρείσσων μικρὰ μερὶς μετὰ φόβου κυρίου ἢ θησαυροὶ μεγάλοι μετὰ ἀφοβίας

- 17 Pito ou manje mayi moulen blanch ak moun ki renmen ou pase pou ou manje vyann ou byen gra ak moun ki rayi ou.
Better is a simple meal where love is, than a fat ox and hate with it.
κρείσσων ξενισμὸς λαχάνων πρὸς φιλίαν καὶ χάριν ἢ παράθεσις μόσχων μετὰ ἔχθρας
- 18 ¶ Yon moun ki gen san wo toujou ap pouse dife. Men, moun ki pa fè kòlè fasil toujou ap mete lapè.
An angry man makes men come to blows, but he who is slow to get angry puts an end to fighting.
άνηρ θυμώδης παρασκευάζει μάχας μακρόθυμος δὲ καὶ τὴν μέλλουσαν καταπραΰνει [18a] μακρόθυμος άνηρ κατασβέσει κρίσεις ὁ δὲ άσεβής έγείρει μάλλον
- 19 ¶ Lè ou parese, ou wè pwoblèm toupatou. Men, pou moun ki pa pè travay, pa gen pwoblèm ki pou rete l'.
Thorns are round the way of the hater of work; but the road of the hard worker becomes a highway.
ὁδοὶ άεργῶν έστρωμέναι άκάνθαις αί δὲ τῶν άνδρείων τετριμμέναι
- 20 ¶ Yon pitit byen elve fè kè papa l' kontan. Men, yon moun ki san konprann meprize manman l'.
A wise son makes a glad father, but a foolish man has no respect for his mother.
υἱὸς σοφὸς εύφραίνει πατέρα υἱὸς δὲ άφρων μυκτηρίζει μητέρα αὐτοῦ
- 21 ¶ Moun ki san konprann kontan lè y'ap aji tankou moun fou. Men, moun ki gen konprann ap toujou fè sa ki dwat.
Foolish behaviour is joy to the unwise; but a man of good sense makes his way straight.
άνοήτου τρίβοι ένδεεις φρενῶν άνηρ δὲ φρόνιμος κατευθύνων πορεύεται
- 22 ¶ Lè ou pa pran konsèy, plan travay ou p'ap mache. Lè ou pran konsèy nan men anpil moun, ou mèt sèten travay ou ap mache byen.
Where there are no wise suggestions, purposes come to nothing; but by a number of wise guides they are made certain.
ύπερτίθενται λογισμοὺς οἱ μη τιμῶντες συνέδρια έν δὲ καρδίαις βουλευομένων μένει βουλή
- 23 ¶ Ala kontan ou kontan lè ou jwenn yon bon repons pou ou bay! Ala bon sa bon lè ou jwenn yon pawòl ki tonbe daplon!
A man has joy in the answer of his mouth: and a word at the right time, how good it is!
οὐ μη ύπακούση ὁ κακὸς αὐτῆ οὐδὲ μη εἶπη καιρίων τι και καλὸν τῷ κοινῷ
- 24 ¶ Moun ki gen konprann, se yon chemen moute y'ap swiv, chemen lavi a. Yo pa pran chemen desann, chemen lanmò a.
Acting wisely is the way of life, guiding a man away from the underworld.
ὁδοὶ ζωῆς διανοήματα συνετοῦ ίνα εκκλίνας εκ τοῦ ἄδου σωθῆ
- 25 ¶ Seyè a ap disparèt moun awogan yo ansanm ak tout fanmi yo. Men, l'ap pwoteje kay fanm ki pèdi mari yo.
The house of the man of pride will be uprooted by the Lord, but he will make safe the heritage of the widow.
οἴκος ύβριστῶν κατασπᾶ κύριος έστήρισεν δὲ ὄριον χήρας
- 26 ¶ Seyè a pa ka sipòte lide mechan yo gen nan tèt yo. Men, sa fè l' plezi pou l' tande pawòl moun ki san repwòch.
Evil designs are disgusting to the Lord, but the words of the clean-hearted are pleasing.
βδέλυγμα κυρίῳ λογισμὸς ἄδικος άγνῶν δὲ ρήσεις σεμναί
- 27 ¶ Moun k'ap kouri deyè lajan, se traka y'ap chache bay fanmi yo. Men, moun ki refize kite yo achte l' ap viv lontan.
He whose desires are fixed on profit is a cause of trouble to his family; but he who has no desire for offerings will have life.
έξόλυσιν έαυτὸν ὁ δωρολήμπτης ὁ δὲ μισῶν δῶρων λήμψεις σφύζεται [27a] έλεημοσύναις και πίστεσιν άποκαθαίρονται άμαρτία τῷ δὲ φόβῳ κυρίου εκκλίνει πᾶς από κακοῦ
- 28 ¶ Yon moun ki dwat kalkile anvan li bay repons. Men, mechan yo prese bay move pawòl.
The heart of the upright gives thought to his answer; but from the mouth of the evil-doer comes a stream of evil things.
καρδία δικαίων μελετῶσιν πίστεις στόμα δὲ άσεβῶν άποκρίνεται κακά [28a] δεκταί παρά κυρίῳ ὁδοὶ άνθρώπων δικαίων δια δὲ αὐτῶν και οἱ έχθροὶ φίλοι γίνονται
- 29 ¶ Lè mechan yo ap lapriyè, Seyè a pa sou bò yo. Men, li pare zòrèy li pou l' koute sa moun ki mache dwat yo ap di l'.
The Lord is far from sinners, but his ear is open to the prayer of the upright.
μακράν άπέχει ὁ θεός από άσεβῶν εύχαῖς δὲ δικαίων έπακούει [29a] κρείσσων ὀλίγη λήμψις μετὰ δικαιοσύνης ἢ πολλά γενήματα μετὰ άδικίας [29β] καρδία άνδρὸς λογίζεσθω δίκαια ίνα υπό τοῦ θεοῦ διορθωθῆ τᾶ διαβήματα αὐτοῦ
- 30 ¶ Ou kontan lè ou wè moun ki kontan wè ou. Ou santi w'ap viv lè ou resewva bon nouvèl.
The light of the eyes is a joy to the heart, and good news makes the bones fat.
θεωρῶν ὀφθαλμὸς καλά εύφραίνει καρδίαν φήμη δὲ άγαθῆ πιαίνει ὀστα

- 32 ¶ Moun ki refize mache sou prigid yo rayi tèt yo. Men, moun ki asepte lè yo rale zòrèy yo ap vin gen plis konprann.
He who will not be controlled by training has no respect for his soul, but he who gives ear to teaching will get wisdom.
ὅς ἀποθεῖται παιδείαν μισεῖ ἐαυτόν ὁ δὲ τηρῶν ἐλέγχους ἀγαπᾷ ψυχὴν αὐτοῦ
- 33 ¶ Lè ou gen krentif pou Bondye, ou deja konprann anpil bagay. Lè ou soumèt devan Bondye, moun va fè lwanj ou.
The fear of the Lord is the teaching of wisdom; and a low opinion of oneself goes before honour.
φόβος θεοῦ παιδεία καὶ σοφία καὶ ἀρχὴ δόξης ἀποκριθήσεται αὐτῇ
- 2 ¶ Lèzòm mete nan lide yo tou sa yo fè bon. Men, pa bliye se Bondye k'ap jije sa ki nan kè yo.
All a man's ways are clean to himself; but the Lord puts men's spirits into his scales.
πάντα τὰ ἔργα τοῦ ταπεινοῦ φανερὰ παρὰ τῷ θεῷ οἱ δὲ ἀσεβεῖς ἐν ἡμέρᾳ κακῇ ὀλοῦνται
- 5 ¶ Seyè a pa ka sipòte moun k'ap gonfle lestonmak yo sou moun. Wè pa wè, l'ap fè yo peye sa.
Everyone who has pride in his heart is disgusting to the Lord; he will certainly not go free from punishment.
ἀκάθαρτος παρὰ θεῷ πᾶς ὑψηλοκάρδιος χειρὶ δὲ χειρᾶς ἐμβαλὼν ἀδίκως οὐκ ἀθωωθήσεται
- 7 ¶ Lè yon moun ap viv yon jan ki fè Seyè a plezi, Seyè a ap fè ata lènmi l' yo aji byen avè l'.
When a man's ways are pleasing to the Lord, he makes even his haters be at peace with him.
ἀρχὴ ὁδοῦ ἀγαθῆς τὸ ποιεῖν τὰ δίκαια δεκτὰ δὲ παρὰ θεῷ μᾶλλον ἢ θύειν θυσίας
- 8 ¶ Pito ou fè ti pwofi nan fè sa ki dwat pase pou ou fè gwo benefis nan fè sa ki mal.
Better is a little with righteousness, than great wealth with wrongdoing.
ὁ ζητῶν τὸν κύριον εὐρήσει γινῶσιν μετὰ δικαιοσύνης οἱ δὲ ὀρθῶς ζητοῦντες αὐτὸν εὐρήσουσιν εἰρήνην
- 9 ¶ Lèzòm fè plan travay yo nan kè yo. Men, se Seyè a k'ap dirije sa y'ap fè a.
A man may make designs for his way, but the Lord is the guide of his steps.
πάντα τὰ ἔργα τοῦ κυρίου μετὰ δικαιοσύνης φυλάσσεται δὲ ὁ ἀσεβῆς εἰς ἡμέραν κακῆν
- 10 ¶ Lè yon wa pale, se tankou si se te Bondye ki pale. Lè l'ap jije, li p'ap janm rann move jijman.
Decision is in the lips of the king: his mouth will not go wrong in judging.
μαντεῖον ἐπὶ χεῖρεσιν βασιλέως ἐν δὲ κρίσει οὐ μὴ πλανηθῇ τὸ στόμα αὐτοῦ
- 11 ¶ Seyè a mande pou yo sèvi ak bon balans pou peze. Li pa vle pou yo sèvi ak move mezi nan kòmès.
True measures and scales are the Lord's: all the weights of the bag are his work.
ῥοπή ζυγοῦ δικαιοσύνη παρὰ κυρίῳ τὰ δὲ ἔργα αὐτοῦ στάθμα δίκαια
- 12 ¶ Wa yo pa ka sipòte lè moun ap fè mechanste, paske tout fòs yon gouvènman se lè li defann dwa tout moun.
Evil-doing is disgusting to kings: for the seat of the ruler is based on righteousness.
βδέλυγμα βασιλεῖ ὁ ποιῶν κακά μετὰ γὰρ δικαιοσύνης ἐτοιμάζεται θρόνος ἀρχῆς
- 13 ¶ Wa a kontan ak tout moun ki di verite. Li renmen moun ki pa nan bay manti.
Lips of righteousness are the delight of kings; and he who says what is upright is dear to him.
δεκτὰ βασιλεῖ χεῖλη δίκαια λόγους δὲ ὀρθοῦς ἀγαπᾷ
- 14 ¶ Lè wa a move, atansyon, moun ka mouri! Moun ki gen bon konprann ap toujou chache fè kè wa a kontan.
The wrath of the king is like those who give news of death, but a wise man will put peace in place of it.
θυμὸς βασιλέως ἄγγελος θανάτου ἀνὴρ δὲ σοφὸς ἐξιλάσεται αὐτόν
- 15 Lè wa a kontan, se lavi pou tout moun. Lè li bay yon moun favè l', se tankou yon nwaj ki pote yon bon lapli prentan.
In the light of the king's face there is life; and his approval is like a cloud of spring rain.
ἐν φωτὶ ζωῆς υἱὸς βασιλέως οἱ δὲ προσδεκτοὶ αὐτῷ ὥσπερ νέφος ὕμνον
- 16 ¶ Pito ou gen bon konprann pase pou ou gen byen. Pito ou gen konesans pase ou gen lajan.
How much better it is to get wisdom than gold! and to get knowledge is more to be desired than silver.
νοσοῖαι σοφίας αἰρετώτεραι χρυσοῦ νοσοῖαι δὲ φρονήσεως αἰρετώτεραι ὑπερ ἀργύριον

- 17 ¶ Moun ki mache dwat fè chemen yo yon jan pou yo pa fè sa ki mal. Gade kote w'ap mete pye ou pou ou pa mouri mal.
The highway of the upright is to be turned away from evil: he who takes care of his way will keep his soul.
τρίβοι ζωῆς ἐκκλίνουσιν ἀπὸ κακῶν μήκος δὲ βίου ὁδοὶ δικαιοσύνης ὁ δεχόμενος παιδεῖαν ἐν ἀγαθοῖς ἔσται ὁ δὲ φυλάσσων ἐλέγχους σοφισθήσεται ὃς φυλάσσει τὰς ἑαυτοῦ ὁδοὺς τηρεῖ τὴν ἑαυτοῦ ψυχὴν ἀγαθῶν δὲ ζωὴν αὐτοῦ φείσεται στόματος αὐτοῦ
- 18 ¶ Lè ou gen lanbisyon, yo pa lwen kraze ou. Lè w'ap fè awogans, ou pa lwen mouri.
Pride goes before destruction, and a stiff spirit before a fall.
πρὸ συντριβῆς ἡγεῖται ὕβρις πρὸ δὲ πτώματος κακοφροσύνη
- 19 ¶ Pito ou mennen ti vi ak pòn malere yo pase pou ou nan separe ak awogan yo nan sa yo vòlò.
Better it is to have a gentle spirit with the poor, than to take part in the rewards of war with men of pride.
κρείσσων πρᾶθυμος μετὰ ταπεινώσεως ἢ ὃς διαριεῖται σκόλα μετὰ ὕβριστῶν
- 20 ¶ Moun k'ap repase nan tèt li tou sa yo moutre l' va wè zafè l' mache byen. Ala bon sa bon pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a!
He who gives attention to the law of right will get good; and whoever puts his faith in the Lord is happy.
συνετός ἐν πράγμασιν εὐρετής ἀγαθῶν πεποιθὸς δὲ ἐπὶ θεῷ μακαριστός
- 21 ¶ Lè yon moun gen bon konprann, yo di li gen lespri. Lè ou pale byen sa fè ou gen plis konians.
The wise-hearted will be named men of good sense: and by pleasing words learning is increased.
τοὺς σοφοὺς καὶ συνετοὺς φαύλους καλοῦσιν οἱ δὲ γλυκεῖς ἐν λόγῳ πλείονα ἀκούσονται
- 22 ¶ Moun ki gen bon konprann gen lavi. Men, moun sòt ap toujou sòt.
Wisdom is a fountain of life to him who has it; but the punishment of the foolish is their foolish behaviour.
πηγὴ ζωῆς ἐννοία τοῖς κεκτημένοις παιδεία δὲ ἀφρόνων κακὴ
- 23 ¶ Yon moun ki gen bon konprann kalkile anvan li pale. Konsa pawòl li vin gen plis pèz.
The heart of the wise man is the teacher of his mouth, and gives increased learning to his lips.
καρδία σοφοῦ νοήσει τὰ ἀπὸ τοῦ ἰδίου στόματος ἐπὶ δὲ χεῖλεσιν φορέσει ἐπιγνωμοσύνην
- 24 ¶ Bon pawòl se siwo myèl. Yo bon pou sante ou, yo dous pou nanm ou.
Pleasing words are like honey, sweet to the soul and new life to the bones.
κηρία μέλιτος λόγοι καλοὶ γλύκασμα δὲ αὐτῶν ἴασις ψυχῆς
- 25 ¶ Chemen ou kwè ki bon an, se li ki mennen ou tou dwat nan lanmò.
There is a way which seems straight before a man, but its end is the ways of death.
εἰσὶν ὁδοὶ δοκοῦσαι εἶναι ὀρθαὶ ἀνδρὶ τὰ μέντοι τελευταῖα αὐτῶν βλέπει εἰς πυθμένα ἄδου
- 26 ¶ Grangou fè ou travay rèd, paske ou bezwen manje pou ou mete nan bouch.
The desire of the working man is working for him, for his need of food is driving him on.
ἀνὴρ ἐν πόνοις πονεῖ ἑαυτῷ καὶ ἐκβιάζεται ἑαυτοῦ τὴν ἀπώλειαν ὁ μέντοι σκολιὸς ἐπὶ τῷ ἑαυτοῦ στόματι φορεῖ τὴν ἀπώλειαν
- 27 ¶ Mechan an toujou ap chache jan pou li fè moun mal. Ata pawòl nan bouch li boule tankou dife.
A good-for-nothing man is a designer of evil, and in his lips there is a burning fire.
ἀνὴρ ἄφρων ὀρύσσει ἑαυτῷ κακὰ ἐπὶ δὲ τῶν ἑαυτοῦ χειλέων θησαυρίζει πῦρ
- 28 ¶ Ipokrit toujou ap pouse dife. Moun k'ap fè tripotay mete zanmi dozado.
A man of twisted purposes is a cause of fighting everywhere: and he who says evil secretly makes trouble between friends.
ἀνὴρ σκολιὸς διαπέμπεται κακὰ καὶ λαμπτήρα δόλου πυρσεύει κακοῖς καὶ διαχωρίζει φίλους
- 29 ¶ Mechan an pran tèt kanmarad li, li fè l' fè sa ki pa bon.
A violent man puts desire of evil into his neighbour's mind, and makes him go in a way which is not good.
ἀνὴρ παράνομος ἀποπειρᾶται φίλων καὶ ἀπάγει αὐτοὺς ὁδοὺς οὐκ ἀγαθὰς
- 30 Moun k'ap twenzi je yo sou moun, se moun ki gen move lide dèyè tèt yo. Moun k'ap fè siy sou moun, se moun ki sou move kou.
He whose eyes are shut is a man of twisted purposes, and he who keeps his lips shut tight makes evil come about.
στηρίζων ὀφθαλμοὺς αὐτοῦ λογίζεται διεστραμμένα ὀρίζει δὲ τοῖς χεῖλεσιν αὐτοῦ πάντα τὰ κακὰ οὗτος κάμινός ἐστιν κακίας

- 31 ¶ Cheve blan se bèl rekonpans. Moun ki mache dwat va viv lontan.
The grey head is a crown of glory, if it is seen in the way of righteousness.
στέφανος καυχήσεως γήρας ἐν δὲ ὁδοῖς δικαιοσύνης εὐρίσκεται
- 32 ¶ Pito ou aji ak pasyans pase pou ou fè fòs sou moun. Pito ou konn kontwòl tèt ou pase pou ou gwo chèf lame k'ap mache pran lavil.
He who is slow to be angry is better than a man of war, and he who has control over his spirit than he who takes a town.
κρείσσων ἀνὴρ μακρόθυμος ἰσχυροῦ ὁ δὲ κρατῶν ὀργῆς κρείσσων καταλαμβανομένου πόλιν
- 33 ¶ Moun tire kat pou yo konnen sa pou yo fè. Men, desizyon an se nan men Bondye li ye.
A thing may be put to the decision of chance, but it comes about through the Lord.
εἰς κόλπους ἐπέρχεται πάντα τοῖς ἀδίκους παρὰ δὲ κυρίου πάντα τὰ δίκαια
- 1 ¶ Pito ou manje yon grenn bannann chèch ak kè poze pase pou ou fè gwo fèt nan mitan dezagreman.
Better a bit of dry bread in peace, than a house full of feasting and violent behaviour.
κρείσσων ψωμὸς μεθ' ἡδονῆς ἐν εἰρήνῃ ἢ οἶκος πλήρης πολλῶν ἀγαθῶν καὶ ἀδίκων θυμάτων μετὰ μάχης
- 2 ¶ Yon esklav ki gen konprann va chèf sou yon pitit ki fè papa l' wont. L'a jwenn pa l' nan eritaj papa a tankou tout pitit.
A servant who does wisely will have rule over a son causing shame, and will have his part in the heritage among brothers.
οἰκέτης νοήμων κρατήσῃ δεσποτῶν ἀφρόνων ἐν δὲ ἀδελφοῖς διελεῖται μέρη
- 3 ¶ Se dife sèl ki ka fè ou konnen si lò osinon ajan ou genyen an se bon kalite. Konsa tou, se Seyè a sèl ki konnen sa ki nan kè moun.
The heating-pot is for silver and the oven-fire for gold, but the Lord is the tester of hearts.
ὥσπερ δοκιμάζεται ἐν καμίνῳ ἄργυρος καὶ χρυσός οὕτως ἐκλεκταὶ καρδία παρὰ κυρίῳ
- 4 ¶ Mechan yo toujou prèt pou koute moun k'ap di move pawòl. Zòrèy mantò yo toujou louvri pou koute moun k'ap bay manti.
A wrongdoer gives attention to evil lips, and a man of deceit gives ear to a damaging tongue.
κακὸς ὑπακούει γλώσσης παρανόμων δίκαιος δὲ οὐ προσέχει χεῖρεσιν ψευδέσιν
- 5 ¶ Lè w'ap pase yon pòn malere nan betiz, se Bondye ki fè l' la w'ap derespekte. Moun ki kontan lè malè rive yon lòt, Bondye ap pini l'.
Whoever makes sport of the poor puts shame on his Maker; and he who is glad because of trouble will not go free from punishment.
ὁ καταγελῶν πτωχοῦ παροξύνει τὸν ποιήσαντα αὐτόν ὁ δὲ ἐπιχαίρων ἀπολλυμένῳ οὐκ ἀθροωθήσεται ὁ δὲ ἐπισπλαγχνιζόμενος ἐλεηθήσεται
- 6 ¶ Pitit pitit se rekonpans granmoun. Manman ak papa se kontantman pitit.
Children's children are the crown of old men, and the glory of children is their fathers.
στέφανος γερόντων τέκνα τέκνων καύχημα δὲ τέκνων πατέρες αὐτῶν [6α] τοῦ πιστοῦ ὅλος ὁ κόσμος τῶν χρημάτων τοῦ δὲ ἀπίστου οὐδὲ ὀβολός
- 7 ¶ Yon moun sòt pa ka di anyen ki bon. Konsa tou, yon moun serye pa nan bay manti.
Fair words are not to be looked for from a foolish man, much less are false lips in a ruler.
οὐχ ἀρμόσει ἄφρονι χεῖλη πιστὰ οὐδὲ δικάϊα χεῖλη ψευδῆ
- 8 ¶ Moun ki sèvi ak lajan pou pran tèt moun konprann lajan se wanga. Yo kwè se pou yo reyisi nan tou sa y'ap fè.
An offering of money is like a stone of great price in the eyes of him who has it: wherever he goes, he does well.
μισθὸς χαρίτων ἢ παιδεία τοῖς χρωμένοις οὗ δ' ἂν ἐπιστρέψῃ εὐοδοθήσεται
- 9 ¶ Si ou vle moun renmen ou, padonnen lè yo fè ou mal. Si w'ap mache repete bagay moun fè ki mal, w'ap mete zanmi dozado.
He who keeps a sin covered is looking for love; but he who keeps on talking of a thing makes division between friends.
ὃς κρύπτει ἀδικήματα ζητεῖ φιλίαν ὃς δὲ μισεῖ κρύπτειν διίστησιν φίλους καὶ οἰκείους
- 10 ¶ Lè ou fè yon moun ki gen konprann repwòch, sa touche kè l'. Men, ata san kout baton p'ap chanje yon moun sòt.
A word of protest goes deeper into one who has sense than a hundred blows into a foolish man.
συντρίβει ἀπειλὴ καρδίαν φρονίμου ἄφρων δὲ μαστιγῶθεις οὐκ αἰσθάνεται
- 11 ¶ Mechan toujou ap fè rebelyon, men y'a voye yon sanmanman regle avè l'.
An uncontrolled man is only looking for trouble, so a cruel servant will be sent against him.
ἀντιλογίας ἐγείρει πᾶς κακός ὁ δὲ κύριος ἄγγελον ἀνελεήμονα ἐκπέμψει αὐτῷ

- 12 ¶ Pito ou kontre ak yon manman lous k'ap chache pitit li pase pou ou tonbe sou yon moun fou foli moute.
It is better to come face to face with a bear whose young ones have been taken away than with a foolish man acting foolishly.
ἐμπεσείται μέριμνα ἀνδρὶ νοήμονι οἱ δὲ ἄφρονες διαλογιῶνται κακὰ
- 13 ¶ Si ou aji mal avèk moun ki fè ou byen, malè ap toujou rive lakay ou.
If anyone gives back evil for good, evil will never go away from his house.
ὅς ἀποδίδωσιν κακὰ ἀντὶ ἀγαθῶν οὐ κινήσεται κακὰ ἐκ τοῦ οἴκου αὐτοῦ
- 14 ¶ Lè yon kont pete, se tankou dlo ki kase dig kannal. Anvan batay mete pye, chape kò ou.
The start of fighting is like the letting out of water: so give up before it comes to blows.
ἐξουσίαν δίδωσιν λόγοις ἀρχὴ δικαιοσύνης προηγεῖται δὲ τῆς ἐνδείας στάσις καὶ μάχη
- 15 ¶ Se de kalite moun Seyè a pa ka sipòte: moun k'ap kondannen inonsan ak moun k'ap pran pou mechan yo.
He who gives a decision for the evil-doer and he who gives a decision against the upright, are equally disgusting to the Lord.
ὅς δίκαιον κρίνει τὸν ἄδικον ἄδικον δὲ τὸν δίκαιον ἀκάθαρτος καὶ βδελυκτὸς παρὰ θεῶ
- 16 ¶ Yon moun sòt te mèt gen kont lajan nan men l', li p'ap janm ka gen konesans. Li pa gen konprann.
How will money in the hand of the foolish get him wisdom, seeing that he has no sense?
ἴνα τί ὑπῆρξεν χρήματα ἄφρονη κτήσασθαι γὰρ σοφίαν ἀκάρδιος οὐ δυνήσεται [16α] ὅς ὑψηλὸν ποιεῖ τὸν ἑαυτοῦ οἶκον ζητεῖ συντριβὴν ὃ δὲ σκολιάζων τοῦ μαθεῖν ἐμπεσείται εἰς κακὰ
- 17 ¶ Yon bon zanmi p'ap janm trayi. Jou malè l'ap tankou yon frè pou ou.
A friend is loving at all times, and becomes a brother in times of trouble.
εἰς πάντα καιρὸν φίλος ὑπαρχέτω σοι ἀδελφοὶ δὲ ἐν ἀνάγκαις χρήσιμοι ἔστωσαν τούτου γὰρ χάριν γεννῶνται
- 18 ¶ Fòk yon moun pèdi tèt li nèt pou l' garanti dèt yon lòt moun.
A man without sense gives his hand in an agreement, and makes himself responsible before his neighbour.
ἀνὴρ ἄφρων ἐπικροτεῖ καὶ ἐπιχαίρει ἑαυτῷ ὡς καὶ ὁ ἐγγυόμενος ἐγγύη τὸν ἑαυτοῦ φίλον
- 19 ¶ Moun ki renmen chache kont renmen fè sa ki mal. Moun k'ap pale avèk awogans, se moun k'ap mache ak sèkèy yo anba bra yo.
The lover of fighting is a lover of sin: he who makes high his doorway is looking for destruction.
φιλαμαρτήμων χαίρει μάχαις
- 20 ¶ Yon moun ki pa gen bon lide nan tèt li p'ap janm gen kè kontan. Moun ki gen move lang ap toujou nan traka.
Nothing good comes to him whose heart is fixed on evil purposes: and he who has an evil tongue will come to trouble.
ὃ δὲ σκληροκάρδιος οὐ συναντᾷ ἀγαθοῖς ἀνὴρ εὐμετάβολος γλώσση ἐμπεσείται εἰς κακὰ
- 21 ¶ Se lapenn pou yon papa ki fè yon pitit ki san konprann. Papa yon pitit sòt p'ap janm gen kè kontan.
He who has an unwise son gets sorrow for himself, and the father of a foolish son has no joy.
καρδία δὲ ἄφρονος ὀδύνη τῷ κεκτημένῳ αὐτὴν οὐκ εὐφραίνεται πατὴρ ἐπὶ υἱῷ ἀπαιδεύτῳ υἱὸς δὲ φρόνιμος εὐφραίνει μητέρα αὐτοῦ
- 22 ¶ Kè kontan bay lasante. Men, lè ou kagou, w'ap deperi sou pye.
A glad heart makes a healthy body, but a crushed spirit makes the bones dry.
καρδία εὐφραينوμένη εὐεκτεῖν ποιεῖ ἀνδρὸς δὲ λυπηροῦ ξηραίνεται τὰ ὀστά
- 23 ¶ Malveyan pran lajan nan men moun pou enpoze jistis fèt.
A sinner takes an offering out of his robe, to get a decision for himself in a cause.
λαμβάνοντος δῶρα ἐν κόλπῳ ἀδίκως οὐ κατευοδοῦνται ὁδοὶ ἀσεβῆς δὲ ἐκκλίνει ὁδοὺς δικαιοσύνης
- 24 ¶ Yon moun ki gen bon konprann toujou ap chache konesans. Men, moun sòt pa konn sa li vle.
Wisdom is before the face of him who has sense; but the eyes of the foolish are on the ends of the earth.
πρόσωπον συνετὸν ἀνδρὸς σοφοῦ οἱ δὲ ὀφθαλμοὶ τοῦ ἄφρονος ἐπ' ἄκρα γῆς
- 25 ¶ Yon timoun ki san konprann, se chagren pou papa l', se gwo lapenn pou manman l' ki fè l'.
A foolish son is a grief to his father, and bitter pain to her who gave him birth.
ὀργὴ πατρὶ υἱὸς ἄφρων καὶ ὀδύνη τῇ τεκούσῃ αὐτοῦ

- 26 ¶ Se pa jistis pou inonsan peye pou koupab. Pa gen jistis lè yo bat moun ki pa fè mal.
To give punishment to the upright is not good, or to give blows to the noble for their righteousness.
 ζημιούν ἄνδρα δίκαιον οὐ καλόν οὐδὲ ὄσιον ἐπιβουλεύειν δυνάσταις δίκαιοις
- 27 ¶ Moun ki gen konesans pa nan pale anpil. Moun ki rete dousman se moun ki gen konprann.
He who has knowledge says little: and he who has a calm spirit is a man of good sense.
 ὃς φεῖδεται ῥῆμα προέσθαι σκληρόν ἐπιγνώμων μακρόθυμος δὲ ἀνὴρ φρόνιμος
- 28 Moun ki gen lespri pa janm cho pou pale. Men moun sòt, lè yo rete ak bouch yo fèmen, yo pase pou moun ki gen konprann.
Even the foolish man, when he keeps quiet, is taken to be wise: when his lips are shut he is credited with good sense.
 ἀνοήτῳ ἐπερωτήσαντι σοφίαν σοφία λογισθήσεται ἐνεδὸν δὲ τις ἑαυτὸν ποιήσας δόξει φρόνιμος εἶναι
- 1 ¶ Moun k'ap viv apa se tèt li ase li konnen. Li move sou tout moun ki vle ba li bon konsèy.
He who keeps himself separate for his private purpose goes against all good sense.
 προφάσεις ζητεῖ ἀνὴρ βουλόμενος χωρίζεσθαι ἀπὸ φίλων ἐν παντί δὲ καιρῷ ἐπονείδιστος ἔσται
- 2 ¶ Moun sòt pa pran plezi l' nan chache konprann. Tou sa l'ap chache se fè moun konprann li gen lespri.
A foolish man has no pleasure in good sense, but only to let what is in his heart come to light.
 οὐ χρεῖαν ἔχει σοφίας ἐνδεῆς φρενῶν μᾶλλον γὰρ ἄγεται ἀπροσῶνη
- 3 ¶ Y'ap meprize moun k'ap fè mechanste. Moun ki pa fè respè tèt yo gen pou yo wont.
When the evil-doer comes, a low opinion comes with him, and with the loss of honour comes shame.
 ὅταν ἔλθῃ ἀσεβῆς εἰς βάθος κακῶν καταφρονεῖ ἐπέρχεται δὲ αὐτῷ ἀτιμία καὶ ὄνειδος
- 4 ¶ Pawòl moun ki gen konprann fon kou lanmè, fre tankou yon sous k'ap koule tout tan.
The words of a man's mouth are like deep waters: the fountain of wisdom is like a flowing stream.
 ὕδωρ βαθὺ λόγος ἐν καρδίᾳ ἀνδρὸς ποταμὸς δὲ ἀναπηδύει καὶ πηγὴ ζωῆς
- 5 ¶ Sa pa bon pou ou pran pou moun mechan, ni pou ou enpoze yo rann moun inonsan jistis.
To have respect for the person of the evil-doer is not good, or to give a wrong decision against the upright.
 θαυμάσαι πρόσωπον ἀσεβοῦς οὐ καλόν οὐδὲ ὄσιον ἐκκλίνειν τὸ δίκαιον ἐν κρίσει
- 6 ¶ Depi moun sòt ap pale, se kont l'ap chache. Si ou koute pawòl nan bouch li, w'a ba l' kou.
A foolish man's lips are a cause of fighting, and his mouth makes him open to blows.
 χεῖλη ἄφρονος ἄγουσιν αὐτὸν εἰς κακὰ τὸ δὲ στόμα αὐτοῦ τὸ θρασὺ θάνατον ἐπικαλεῖται
- 7 Bouch moun sòt se kondannasyon li. Pawòl ki sot nan bouch li tounen pèlen pou li.
The mouth of a foolish man is his destruction, and his lips are a net for his soul.
 στόμα ἄφρονος συντριβὴ αὐτῷ τὰ δὲ χεῖλη αὐτοῦ παγίς τῆ ψυχῆ αὐτοῦ
- 8 ¶ Tripotay dous nan zòrèy moun ki vle tande yo. Sa mache nan san yo.
The words of one who says evil of his neighbour secretly are like sweet food, and go down into the inner parts of the stomach.
 ὀκνηρὸς καταβάλλει φόβος ψυχαὶ δὲ ἀνδρογόνων πεινάσουσιν
- 9 ¶ Moun ki parese nan travay li se menmman parèyman ak moun k'ap defèt sa k'ap fèt.
He who does not give his mind to his work is brother to him who makes destruction.
 ὁ μὴ ἰόμενος ἑαυτὸν ἐν τοῖς ἔργοις αὐτοῦ ἀδελφός ἐστιν τοῦ λημαιομένου ἑαυτὸν
- 10 ¶ Seyè a, se yon gwo ranpa byen solid. Se la moun k'ap mache dwat yo kouri al chache pwoteksyon.
The name of the Lord is a strong tower: the upright man running into it is safe.
 ἐκ μεγαλωσύνης ἰσχύος ὄνομα κυρίου αὐτῷ δὲ προσδραμόντες δίκαιοι ὑψοῦνται
- 11 ¶ Pou moun rich yo, byen yo tankou yon ranpa byen solid. Yo mete nan tèt yo se sa k'ap pwoteje yo.
The property of a man of wealth is his strong town, and it is as a high wall in the thoughts of his heart.
 ὑπαρξίς πλουσίου ἀνδρὸς πόλις ὄχυρά ἢ δὲ δόξα αὐτῆς μέγα ἐπισκιάζει

- 12 ¶ Lè w'ap fè awogans, yo pa lwen kraze ou. Lè ou fè kò ou piti, y'a fè lwanj ou.
Before destruction the heart of man is full of pride, and before honour goes a gentle spirit.
πρὸ συντριβῆς ὑψοῦται καρδία ἀνδρός καὶ πρὸ δόξης ταπεινοῦται
- 13 ¶ Moun ki prese reponn san koute sa y'ap di l', se moun sòt li ye. Li gen pou l' wont.
To give an answer before hearing is a foolish thing and a cause of shame.
ὅς ἀποκρίνεται λόγον πρὶν ἀκοῦσαι ἀφροσύνη αὐτῷ ἐστὶν καὶ ὄνειδος
- 14 ¶ Lè yon moun anviv, sa ede l' anpil lè li malad. Men, si li dekouraje, ki moun ki ka remoute kouraj li?
The spirit of a man will be his support when he is ill; but how may a broken spirit be lifted up?
θυμὸν ἀνδρὸς πρᾶννει θεράπων φρόνιμος ὀλιγόψυχον δὲ ἄνδρα τίς ὑποίσει
- 15 ¶ Yon moun lespri ap toujou chache gen plis konnesans. Zòrèy moun ki gen bon konprann toujou pare pou l' ka konnen plis toujou.
The heart of the man of good sense gets knowledge; the ear of the wise is searching for knowledge.
καρδία φρονίμου κτάται αἴσθησιν ὧτα δὲ σοφῶν ζητεῖ ἔννοιαν
- 16 ¶ Kado ou fè louvri chemen pou ou toupatou, ata chemen ki mennen lakay grannèg.
A man's offering makes room for him, letting him come before great men.
δόμα ἀνθρώπου ἐμπλατύνει αὐτὸν καὶ παρὰ δυνάσταις καθίζανει αὐτόν
- 17 ¶ Moun ki pale anvan nan tribinal toujou sanble li gen rezon. Lè lòt moun lan parèt, kat je kontre, manti kaba.
The man who first puts his cause before the judge seems to be in the right; but then his neighbour comes and puts his cause in its true light.
δίκαιος ἑαυτοῦ κατηγοροῦ ἐν πρωτολογία ὡς δ' ἂν ἐπιβάλῃ ὁ ἀντίδικος ἐλέγχεται
- 18 ¶ Lè de grannèg gen kont, jij yo fè tiraj osò pou konnen kilès pou yo bay rezon.
The decision of chance puts an end to argument, parting the strong.
ἀντιλογίας παύει κληρὸς ἐν δὲ δυνάσταις ὀρίζει
- 19 ¶ Li pi fasil pou mete lapè nan yon gwo lavil pase pou ou rekonsilye de frè ki nan kont. Lè yo fache, kè yonn se pòt prizon pou lòt.
A brother wounded is like a strong town, and violent acts are like a locked tower.
ἀδελφὸς ὑπὸ ἀδελφοῦ βοηθούμενος ὡς πόλις ὄχυρὰ καὶ ὑψηλὴ ἰσχύει δὲ ὥσπερ τεθεμελιωμένον βασιλεῖον
- 20 ¶ Rekonpans yon moun chita sou sa ki sot nan bouch li.
With the fruit of a man's mouth his stomach will be full; the produce of his lips will be his in full measure.
ἀπὸ καρπῶν στόματος ἀνήρ πῖμπλησιν κοιλίαν αὐτοῦ ἀπὸ δὲ καρπῶν χειλέων αὐτοῦ ἐμπλησθήσεται
- 21 ¶ Sa ou di ka lavi pou ou, li ka lanmò pou ou. Sa ou chwazi, se sa w'ap jwenn.
Death and life are in the power of the tongue; and those to whom it is dear will have its fruit for their food.
θάνατος καὶ ζωὴ ἐν χειρὶ γλώσσης οἱ δὲ κρατοῦντες αὐτῆς ἔδονται τοὺς καρποὺς αὐτῆς
- 22 ¶ Lè yon nonm jwenn yon bon madanm, se yon bon bagay. Se yon gwo favè Seyè a fè l'.
Whoever gets a wife gets a good thing, and has the approval of the Lord.
ὅς εὔρεν γυναῖκα ἀγαθὴν εὔρεν χάριτας ἔλαβεν δὲ παρὰ θεοῦ ἰαρότητα [22a] ὅς ἐκβάλλει γυναῖκα ἀγαθὴν ἐκβάλλει τὰ ἀγαθὰ ὁ δὲ κατέχον μοιχαλίδα ἄφρων καὶ ἀσεβής
- 3 ¶ Se sotiz yon nonm ki fini avè l'. Apre sa, li konprann pou l' fache sou Bondye.
By his foolish behaviour a man's ways are turned upside down, and his heart is bitter against the Lord.
ἀφροσύνη ἀνδρὸς λυμαίνεται τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ τὸν δὲ θεὸν αἰτιᾶται τῇ καρδίᾳ αὐτοῦ
- 4 ¶ Lè ou gen lajan, ou toujou gen zanmi. Men lè ou pòn, dènye zanmi vire do ba ou.
Wealth makes a great number of friends; but the poor man is parted from his friend.
πλοῦτος προστίθεισιν φίλους πολλοὺς ὁ δὲ πτωχὸς καὶ ἀπὸ τοῦ ὑπάρχοντος φίλου λείπεται
- 5 ¶ Lè yon moun ap sèvi temwen nan tribinal, si li fè manti, yo gen pou yo pini l'. Pa gen rechap pou moun k'ap bay manti.
A false witness will not go without punishment, and the breather out of deceit will not go free.
μάρτυς ψευδῆς οὐκ ἀτιμώρητος ἔσται ὁ δὲ ἐγκαλῶν ἀδίκως οὐ διαφεύξεται

- 6 ¶ Anpil moun ap achte figi grannèg. Tout moun vle zanmi moun k'ap bay favè.
Great numbers will make attempts to get the approval of a ruler: and every man is the special friend of him who has something to give.
πολλοὶ θεραπεύουσιν πρόσωπα βασιλέων πᾶς δὲ ὁ κακὸς γίνεται ὄνειδος ἀνδρὶ
- 7 Lè ou pòn, ata frè ou pa vle wè ou. Ou pa bezwen mande si zanmi p'ap lage ou! Tout chache w'ap chache pale ak yo, yo pa okipe ou!
All the brothers of the poor man are against him: how much more do his friends go far from him! ...
πᾶς ὃς ἀδελφὸν πτωχὸν μισεῖ καὶ φιλίας μακρὰν ἔσται ἔννοια ἀγαθὴ τοῖς εἰδόσιν αὐτὴν ἐγγιεῖ ἀνὴρ δὲ φρόνιμος εὐρήσει αὐτὴν ὁ πολλὰ κακοποιῶν τελεσιουργεῖ κακίαν ὃς δὲ ἐρεθίζει λόγους οὐ σωθῆσεται
- 8 ¶ Si ou renmen tèt ou, chache gen konprann. Pa bliye sa ou te aprann, zafè ou va mache byen.
He who gets wisdom has love for his soul: he who keeps good sense will get what is truly good.
ὁ κτώμενος φρόνησιν ἀγαπᾷ ἑαυτὸν ὃς δὲ φυλάσσει φρόνησιν εὐρήσει ἀγαθὰ
- 9 ¶ Lè yon moun ap sèvi temwen nan tribinal, si li fè manti, yo gen pou yo pini l'. Moun k'ap bay manti gen pou mouri.
A false witness will not go without punishment, and the breather out of deceit will be cut off.
μάρτυς ψευδῆς οὐκ ἀτιμώρητος ἔσται ὃς δ' ἂν ἐκκαύσῃ κακίαν ἀπολείται ὑπ' αὐτῆς
- 10 ¶ Yon moun ki san konprann pa fèt pou gen tout bagay, ni yon esklav pa fèt pou chèf sou grannèg.
Material comfort is not good for the foolish; much less for a servant to be put over rulers.
οὐ συμφέρει ἄφρονι τρυφή καὶ ἐὰν οἰκέτης ἄρξῃται μεθ' ὕβρεως δυναστεύειν
- 11 ¶ Yon moun ki gen bon konprann pa fè kòlè fasil. Tout kalite li, se pa okipe moun ki fè mal.
A man's good sense makes him slow to wrath, and the overlooking of wrongdoing is his glory.
ἐλεήμων ἀνὴρ μακροθυμεῖ τὸ δὲ καύχημα αὐτοῦ ἐπέρχεται παρανόμοις
- 12 ¶ Lè yon wa ankòlè, se tankou yon lyon k'ap gwonde. Men, favè yon chèf se tankou lapli sou jaden.
The king's wrath is like the loud cry of a lion, but his approval is like dew on the grass.
βασιλέως ἀπειλὴ ὁμοία βρυγμῶ λέοντος ὥσπερ δὲ δρόσος ἐπὶ χόρτῳ οὕτως τὸ ἱλαρὸν αὐτοῦ
- 13 ¶ Yon pitit ki san konprann se yon malè pou papa l'. Yon fanm ki toujou ap chache kont, se yon goutyè k'ap degoute dlo san rete.
A foolish son is the destruction of his father; and the bitter arguments of a wife are like drops of rain falling without end.
αἰσχύνῃ πατρὶ υἱὸς ἄφρων καὶ οὐχ ἀγναὶ εὐχαὶ ἀπὸ μισθώματος ἐταίρας
- 14 ¶ Kay ak lajan, se byen manman ak papa ka mouri kite pou ou. Men, yon fanm ki gen konprann, se Seyè a ase ki ka fè ou jwenn sa.
House and wealth are a heritage from fathers, but a wife with good sense is from the Lord.
οἶκον καὶ ὑπαρξιν μερίζουσιν πατέρες παισὶν παρὰ δὲ θεοῦ ἀρμόζεται γυνὴ ἀνδρὶ
- 15 ¶ Parès fè je ou toujou lou. Moun ki rete san fè anyen ap rete grangou.
Hate of work sends deep sleep on a man: and he who has no industry will go without food.
δειλία κατέχει ἀνδρογύναιον ψυχὴ δὲ ἀεργοῦ πεινάσει
- 16 ¶ Moun ki fè sa Bondye mande ap viv lontan. Moun ki pa mache jan Bondye vle l' l'a pa lwen mouri.
He who keeps the law keeps his soul; but death will be the fate of him who takes no note of the word.
ὃς φυλάσσει ἐντολὴν τηρεῖ τὴν ἑαυτοῦ ψυχὴν ὁ δὲ καταφρονῶν τῶν ἑαυτοῦ ὁδῶν ἀπολείται
- 17 ¶ Lè ou bay pòn lacharite, se Bondye ou prete. Se li menm ki va renmèt ou sa.
He who has pity on the poor gives to the Lord, and the Lord will give him his reward.
δανίζει θεῷ ὁ ἐλεῶν πτωχὸν κατὰ δὲ τὸ δόμα αὐτοῦ ἀνταποδώσει αὐτῷ
- 18 ¶ Koriye pitit ou yo lè yo piti toujou. Men, pa bat yo jouk ou touye yo.
Give your son training while there is hope; let not your heart be purposing his death.
παιδεύε υἱόν σου οὕτως γὰρ ἔσται εὐελπις εἰς δὲ ὕβριν μὴ ἐπαίρου τῆ ψυχῆ σου
- 19 ¶ Moun ki gen san wo ap peye konsekans zak li yo. Si ou wete l' nan move pa a yon fwa, w'ap blije fè l' pou li tout tan.
A man of great wrath will have to take his punishment: for if you get him out of trouble you will have to do it again.
κακόφρων ἀνὴρ πολλὰ ζημιωθήσεται ἐὰν δὲ λοιμεύηται καὶ τὴν ψυχὴν αὐτοῦ προσθήσει

- 20 ¶ Koute konsèy y'ap ba ou. Louvri zòrèy ou pou aprann. Konsa w'a gen bon konprann jouk ou mouri.
Let your ear be open to suggestion and take teaching, so that at the end you may be wise.
ἀκουε υἱέ παιδείαν πατρός σου ἵνα σοφὸς γένη ἐπ' ἐσχάτων σου
- 21 ¶ Yon moun te mèt fè tout kalite lide nan tèt li. Men, sa Seyè a vle a, se sa ki pou rive.
A man's heart may be full of designs, but the purpose of the Lord is unchanging.
πολλοὶ λογισμοὶ ἐν καρδίᾳ ἀνδρός ἢ δὲ βουλή τοῦ κυρίου εἰς τὸν αἰῶνα μένει
- 22 ¶ Tou sa yo mande yon moun se pou l' gen bon kè. Pito yon moun pòn pase l' mantò.
The ornament of a man is his mercy, and a poor man is better than one who is false.
καρπὸς ἀνδρὶ ἐλεημοσύνη κρείσσων δὲ πτωχὸς δίκαιος ἢ πλούσιος ψεύστης
- 23 ¶ Gen krentif pou Bondye, w'a jwenn lavi, w'ap toujou kontan. Malè p'ap rive ou.
The fear of the Lord gives life: and he who has it will have need of nothing; no evil will come his way.
φόβος κυρίου εἰς ζωὴν ἀνδρὶ ὁ δὲ ἄφοβος ἀλλισθήσεται ἐν τόποις οὓς οὐκ ἐπισκοπεῖται γυνῶσις
- 24 ¶ Gen moun ki sitèlman parese ata manje yo pa vle mete nan bouch yo.
The hater of work puts his hand deep into the basin, and will not even take it to his mouth again.
ὁ ἐγκρύπτων εἰς τὸν κόλπον αὐτοῦ χειρὰς ἀδίκως οὐδὲ τῷ στόματι οὐ μὴ προσαγάγῃ αὐτάς
- 25 ¶ Pase awogan yo yon je baton, moun san konprann yo va konprann. Rale zòrèy moun ki gen konprann yo, y'a vin gen plis konesans.
When blows overtake the man of pride, the simple will get sense; say sharp words to the wise, and knowledge will be made clear to him.
λοιμοὺ μαστιγούμενου ἄφρων πανουργότερος γίνεται ἐὰν δὲ ἐλέγχῃς ἄνδρα φρόνιμον νοήσει αἴσθησιν
- 26 ¶ Se yon wont, se yon dezonè pou yon pitit aji mal ak papa l', osinon pou l' mete manman l' deyò lakay li.
He who is violent to his father, driving away his mother, is a son causing shame and a bad name.
ὁ ἀτιμάζων πατέρα καὶ ἀποθούμενος μητέρα αὐτοῦ καταισχυθήσεται καὶ ἐπονειδιστος ἔσται
- 27 ¶ Pitit mwen, lè ou sispann aprann, ou pa lwen bliye sa ou konnen deja.
A son who no longer gives attention to teaching is turned away from the words of knowledge.
υἱὸς ἀπολειπόμενος φυλάζει παιδείαν πατρός μελετήσῃ ρήσεις κακάς
- 28 ¶ Yon temwen k'ap bay manti pase lajistis nan betiz. Mechan yo pran plezi nan fè mechanste.
A good-for-nothing witness makes sport of the judge's decision: and the mouth of evil-doers sends out evil like a stream.
ὁ ἐγγυόμενος παῖδα ἄφρονα καθυβρίζει δικαίωμα στόμα δὲ ἀσεβῶν καταπίεται κρίσεις
- 29 ¶ Baton an tou la pou moun k'ap pase moun nan betiz. Fwèt la tou pare pou dèyè moun ki san konprann.
Rods are being made ready for the man of pride, and blows for the back of the foolish.
ἐτοιμάζονται ἀκολάστοις μάστιγες καὶ τιμωρία ὅμοις ἀφρόνων
- 1 ¶ Twòp bweson fè ou pase moun nan betiz. Twòp gwòg fè ou pete kabouyay, fè lòbèy. Lè ou sou, ou aji tankou moun fou.
Wine makes men foolish, and strong drink makes men come to blows; and whoever comes into error through these is not wise.
ἀκόλαστον οἶνος καὶ ὕβριστικὸν μέθη πᾶς δὲ ὁ συμμειγνόμενος αὐτῇ οὐκ ἔσται σοφός
- 2 ¶ Lè yon wa ankòlè, se tankou yon lyon k'ap gwonde. Moun ki mete l' ankòlè a, se pwòp tèt li l'ap fè mal.
The wrath of a king is like the loud cry of a lion: he who makes him angry does wrong against himself.
οὐ διαφέρει ἀπειλῆ βασιλέως θυμοῦ λέοντος ὁ δὲ παροξύνων αὐτὸν ἁμαρτάνει εἰς τὴν ἑαυτοῦ ψυχὴν
- 3 ¶ Se bèl bagay lè yon moun evite diskisyon. Moun san konprann toujou ap cache kont.
It is an honour for a man to keep from fighting, but the foolish are ever at war.
δόξα ἀνδρὶ ἀποστρέφεσθαι λοιδορίας πᾶς δὲ ἄφρων τοιοῦτοις συμπλέκεται
- 4 ¶ Parese pa pare tè li lè pou l' te pare l', li di fè twò frèt. Lè rekòt rive, li pa jwenn anyen nan jaden l'.
The hater of work will not do his ploughing because of the winter; so at the time of grain-cutting he will be requesting food and will get nothing.
ὀνειδίζόμενος ὀκνηρὸς οὐκ αἰσχύνεται ὡσαύτως καὶ ὁ δανιζόμενος σίτον ἐν ἀμῆτῳ

- 5 ¶ Lide yon nonm gen nan tèt li, se tankou dlo nan yon pi byen fon. Men, yon moun lespri ka rale yo mete deyò.
The purpose in the heart of a man is like deep water, but a man of good sense will get it out.
ὕδωρ βαθὺ βουλὴ ἐν καρδίᾳ ἀνδρός ἀνὴρ δὲ φρόνιμος ἐξαντλήσει αὐτήν
- 6 ¶ Anpil moun ap mache di jan yo se moun serye. Men, ou pa fasil jwenn yon moun ou ka fè konfyans.
Most men make no secret of their kind acts: but where is a man of good faith to be seen?
μέγα ἄνθρωπος καὶ τίμιον ἀνὴρ ἐλεήμων ἄνδρα δὲ πιστὸν ἔργον εὐρεῖν
- 7 ¶ Lè yon papa se moun serye, li fè sa ki dwat. Sa bon nèt pou pitit li yo.
An upright man goes on in his righteousness: happy are his children after him!
ὁς ἀναστρέφεται ἄμωμος ἐν δικαιοσύνῃ μακαρίους τοὺς παῖδας αὐτοῦ καταλείψει
- 8 ¶ Lè yon wa chita sou fòtèy li, l'ap rann jistis, li wè sa ki mal ak sa ki byen.
A king on the seat of judging puts to flight all evil with his eyes.
ὅταν βασιλεὺς δίκαιος καθίσῃ ἐπὶ θρόνου οὐκ ἐναντιοῦται ἐν ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ πᾶν πονηρὸν
- 9 ¶ Ki moun ki ka di: mwen lave konsyans mwen, mwen wete tout peche ki te sou li?
Who is able to say, I have made my heart clean, I am free from my sin?
τίς καυχῆσεται ἀγνὴν ἔχειν τὴν καρδίαν ἢ τίς παρρησιάζεται καθαρὸς εἶναι ἀπὸ ἁμαρτιῶν [9α] κακολογούντος πατέρα ἢ μητέρα σβεσθήσεται λαμπτήρ αἱ δὲ κόραι τῶν ὀφθαλμῶν αὐτοῦ ὄψονται σκότος [9β] μερὶς ἐπισπουδαζομένη ἐν πρώτοις ἐν τοῖς τελευταίοις οὐκ εὐλογηθήσεται [9ξ] μὴ εἴπῃς τείσομαι τὸν ἐχθρὸν ἀλλὰ ὑπόμεινον τὸν κύριον ἵνα σοι βοηθήσῃ
- 10 ¶ Seyè a pa ka sipòte moun k'ap sèvi ak de pwa de mezi.
Unequal weights and unequal measures, they are all disgusting to the Lord.
στάθμιον μέγα καὶ μικρὸν καὶ μέτρα δισσά ἀκάθαρτα ἐνώπιον κυρίου καὶ ἀμόφτερα
- 11 ¶ Yon timoun moutre ou sa l'ap soté nan sa l'ap fè. Ou ka di si l'ap serye, si l'ap bon.
Even a child may be judged by his doings, if his work is free from sin and if it is right.
καὶ ὁ ποιῶν αὐτὰ ἐν τοῖς ἐπιτηδεύμασιν αὐτοῦ συμποδισθήσεται νεανίσκος μετὰ ὀσίου καὶ εὐθεῖα ἢ ὁδὸς αὐτοῦ
- 12 ¶ Se Seyè a ki ban nou je pou nou ka wè, se li menm ki ban nou zòrèy pou nou ka tande.
The hearing ear and the seeing eye are equally the Lord's work.
οὗς ἀκούει καὶ ὀφθαλμὸς ὄρᾳ κυρίου ἔργα καὶ ἀμόφτερα
- 13 ¶ Pa renmen dòmi twòp pou ou pa vin pòv. Souke kò ou. W'a jwenn kont manje pou ou manje.
Do not be a lover of sleep, or you will become poor: keep your eyes open, and you will have bread enough.
μὴ ἀγάπα καταλαλεῖν ἵνα μὴ ἐξαρθῆς διάνοιξον τοὺς ὀφθαλμοὺς σου καὶ ἐμπλήσῃτι ἄρτων
- 23 ¶ Seyè a pa ka sipòte moun k'ap sèvi ak de pwa de mezi. Sa pa bon pou ou sèvi ak move balans.
Unequal weights are disgusting to the Lord, and false scales are not good.
βδέλυγμα κυρίῳ δισσὸν στάθμιον καὶ ζυγὸς δόλιος οὐ καλὸν ἐνώπιον αὐτοῦ
- 24 ¶ Se Seyè a ki louvri chemen devan nou. Ki jan lèzòm ka rive konprann lavi?
A man's steps are of the Lord; how then may a man have knowledge of his way?
παρὰ κυρίου εὐθύνεται τὰ διαβήματα ἀνδρὶ θνητὸς δὲ πῶς ἂν νοήσῃ τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ
- 25 ¶ Pa prese fè Bondye pwomès. Ou ka règrèt sa pita.
It is a danger to a man to say without thought, It is holy, and, after taking his oaths, to be questioning if it is necessary to keep them.
παγίς ἀνδρὶ ταχύ τι τῶν ἰδίων ἀγιάσαι μετὰ γὰρ τὸ εὐξασθαι μετανοεῖν γίνεται
- 26 ¶ Yon wa ki gen bon konprann ap rive dekouvri tout mekan yo. L'ap san pitye lè l'ap pini yo.
A wise king puts evil-doers to flight, and makes their evil-doing come back on them.
λικμήτωρ ἀσεβῶν βασιλεὺς σοφὸς καὶ ἐπιβαλεῖ αὐτοῖς τροχόν
- 27 ¶ Se Seyè a ki ban nou konsyans nou. Se tankou yon lanp k'ap klere pou fè nou wè tou sa n'ap fè.
The Lord keeps watch over the spirit of man, searching all the deepest parts of the body.
φῶς κυρίου πνοῇ ἀνθρώπων ὃς ἐρευνᾷ ταμίεια κοιλίας

- 28 ¶ Yon wa ap rete wa si li se nèg serye, si li toujou kenbe pawòl li. L'ap toujou wa si li pa nan patipri.
Mercy and good faith keep the king safe, and the seat of his power is based on upright acts.
ἐλεημοσύνη καὶ ἀλήθεια φυλακὴ βασιλεῖ καὶ περικυκλώσουσιν ἐν δικαιοσύνη τὸν θρόνον αὐτοῦ
- 29 ¶ Se kouraj ki fè valè yon jenn gason. Men, pou granmoun, se cheve blan l' yo ki fè valè l'.
The glory of young men is their strength, and the honour of old men is their grey hairs.
κόσμος νεανίας σοφία δόξα δὲ πρεσβυτέρων πολιαί
- 30 ¶ Move esperyans ka fè nou chanje. Malè ka fè nou vin gen bon santiman.
By the wounds of the rod evil is taken away, and blows make clean the deepest parts of the body.
ὕψωπια καὶ συντρίμματα συναντᾷ κακοῖς πληγαὶ δὲ εἰς ταμίεια κοιλίας
- 1 ¶ Seyè a dirije lespri yon wa, menm jan li dirije yon kouran dlo nan kannal. Li mennen l' kote li vle.
The king's heart in the hands of the Lord is like the water streams, and by him it is turned in any direction at his pleasure.
ὡσπερ ὄρμη ὕδατος οὕτως καρδία βασιλέως ἐν χειρὶ θεοῦ οὗ ἂν θέλων νεύσῃ ἐκεῖ ἔκλινεν αὐτήν
- 2 ¶ Lèzòm mete nan lide yo tou sa y'ap fè dwat. Men, pa bliye, se Seyè a k'ap jije sa ki nan kè yo.
Every way of a man seems right to himself, but the Lord is the tester of hearts.
πᾶς ἀνὴρ φαίνεται ἑαυτῷ δίκαιος κατευθύνει δὲ καρδίας κύριος
- 3 ¶ Fè sa ki dwat. Pa nan patipri. Sa fè Seyè a plezi pi plis pase bèt ou ta touye pou li.
To do what is right and true is more pleasing to the Lord than an offering.
ποιεῖν δίκαια καὶ ἀληθεύειν ἀρεστὰ παρὰ θεῶ μᾶλλον ἢ θυσίων αἶμα
- 4 ¶ Fè awogans, gonfle lestonmak yo sou moun, se sa ase mechan yo ap chache fè. Tou sa se peche.
A high look and a heart of pride, * of the evil-doer is sin.**
μεγαλόφρων ἐφ' ὅβρει θρασυκάρδιος λαμπτήρ δὲ ἀσεβῶν ἀμαρτία
- 6 ¶ Moun k'ap mache bay manti pou fè lajan ap kouri dèyè van. Se lanmò y'ap chache.
He who gets stores of wealth by a false tongue, is going after what is only breath, and searching for death.
ὁ ἐνεργῶν θησαυρίσματα γλώσση ψευδεῖ μάταια διώκει ἐπὶ παγίδας θανάτου
- 7 ¶ Move zak mechan yo ap fè a ap fini ak yo, paske yo dereffize fè sa ki dwat devan Bondye.
By their violent acts the evil-doers will be pulled away, because they have no desire to do what is right.
ὄλεθρος ἀσεβέσιν ἐπιζενοθήσεται οὐ γὰρ βούλονται πράσσειν τὰ δίκαια
- 8 ¶ Moun k'ap fè sa ki mal ap mache sou chemen plen detou. Men, inonsan yo fè sa ki dwat.
Twisted is the way of him who is full of crime; but as for him whose heart is clean, his work is upright.
πρὸς τοὺς σκολιοὺς σκολιὰς ὁδοὺς ἀποστέλλει ὁ θεός ἀγνὰ γὰρ καὶ ὀρθὰ τὰ ἔργα αὐτοῦ
- 9 ¶ Pito ou rete pou kont ou nan yon kwen galata pase pou ou rete nan kay ak yon fanm ki toujou ap chache kont.
It is better to be living in an angle of the house-top, than with a bitter-tongued woman in a wide house.
κρεῖσσον οἰκεῖν ἐπὶ γωνίας ὑπαίθρου ἢ ἐν κεκοιναμένοις μετὰ ἀδικίας καὶ ἐν οἴκῳ κοινῷ
- 10 ¶ Mechan toujou anvli fè sa ki mal. Yo pa gen pitye pou pesonn.
The desire of the evil-doer is fixed on evil: he has no kind feeling for his neighbour.
ψυχὴ ἀσεβοῦς οὐκ ἐλεηθήσεται ὑπ' οὐδενὸς τῶν ἀνθρώπων
- 11 ¶ Lè yo pini yon moun ki renmen pase lòt nan betiz, se yon leson pou moun ki pa gen lespri. Men, moun ki gen bon konprann, lè yo pale avè l', li vin gen plis konesans.
When the man of pride undergoes punishment, the simple man gets wisdom; and by watching the wise he gets knowledge.
ζημιουμένου ἀκολάστου πανουργότερος γίνεται ὁ ἄκακος συνίων δὲ σοφὸς δέξεται γνῶσιν
- 12 ¶ Bondye pa nan patipri, li konnen sa k'ap pase anndan kay mechan yo. Li fè malè tonbe sou yo.
The Upright One, looking on the house of the evil-doer, lets sinners be overturned to their destruction.
συνίει δίκαιος καρδίας ἀσεβῶν καὶ φανλίζει ἀσεβεῖς ἐν κακοῖς

- 13 ¶ Si ou fèmen zòrèy ou pou ou pa tande pòn k'ap mande ou lacharite, konsa tou pesonn p'ap tande ou lè w'a mande sekou.
He whose ears are stopped at the cry of the poor, will himself get no answer to his cry for help.
 ὅς φράσσει τὰ ὦτα τοῦ μὴ ἐπακοῦσαι ἀσθενοῦς καὶ αὐτὸς ἐπικαλέσεται καὶ οὐκ ἔσται ὁ εἰσακούων
- 14 ¶ Lè yon moun fache sou ou, si ou ba li yon kado an kachèt, w'a fè l' vin frèt. Wi, yon kado glise nan pòch li ap kase fe l'.
By a secret offering wrath is turned away, and the heat of angry feelings by money in the folds of the robe.
 δόσις λάθριος ἀνατρέπει ὀργὰς δώρων δὲ ὁ φειδόμενος θυμὸν ἐγείρει ἰσχυρόν
- 15 ¶ Lè yo rann jistis san patipri, moun ki mache dwat yo gen kè kontan. Men, mechan yo gen kè kase.
It is a joy to the good man to do right, but it is destruction to the workers of evil.
 εὐφροσύνη δικαίων ποιεῖν κρίμα ὅσιος δὲ ἀκάθαρτος παρὰ κακούργοις
- 16 ¶ Lè yon moun pèdi chemen l' pou l' aji tankou moun fou, se lanmò k'ap fè li siyon.
The wanderer from the way of knowledge will have his resting-place among the shades.
 ἀνὴρ πλανώμενος ἐξ ὁδοῦ δικαιοσύνης ἐν συναγωγῇ γιγάντων ἀναπαύσεται
- 17 ¶ Lè ou renmen plezi, w'ap toujou pòn. Lè ou renmen bon bweson ak bon manje, ou p'ap janm gen lajan.
The lover of pleasure will be a poor man: the lover of wine and oil will not get wealth.
 ἀνὴρ ἐνδεῆς ἀγαπᾷ εὐφροσύνην φιλῶν οἶνον καὶ ἔλαιον εἰς πλοῦτον
- 18 ¶ Lè pou malè ta tonbe sou moun ki mache dwat yo, se sou mechan yo li tonbe.
The evil-doer will be given as a price for the life of the good man, and the worker of deceit in the place of the upright.
 περικάθαρμα δὲ δικαίου ἄνομος
- 19 ¶ Pito ou viv pou kont ou nan yon dezè pase pou ou viv nan kay ak yon fanm ki tout tan ap chache kont, ki tout tan ap plenyen.
It is better to be living in a waste land, than with a bitter-tongued and angry woman.
 κρεῖσσον οἰκεῖν ἐν γῆ ἐρήμῳ ἢ μετὰ γυναικὸς μαχίμου καὶ γλωσσώδους καὶ ὀργίλου
- 20 ¶ Moun ki gen konprann ap gen gwo richès ak kantite bon manje lakay yo. Men, moun sòt gaspiye tout lajan yo.
There is a store of great value in the house of the wise, but it is wasted by the foolish man.
 θησαυρὸς ἐπιθυμητὸς ἀναπαύσεται ἐπὶ στόματος σοφοῦ ἄφρονες δὲ ἄνδρες καταπίονται αὐτόν
- 21 ¶ Lè yon moun pa fè lenjistis, lè li gen bon kè, l'ap viv lontan. Tout zafè l' ap mache byen, y'ap respekte l'.
He who goes after righteousness and mercy will get life, righteousness, and honour.
 ὁδὸς δικαιοσύνης καὶ ἐλεημοσύνης εὐρήσει ζῶην καὶ δόξαν
- 22 ¶ Yon nonm lespri ka pran yon lavil kote ki gen anpil grannèg. L'ap kraze fòs ki t'ap fè yo pa pè anyen an.
A wise man goes up into the town of the strong ones, and overcomes its strength in which they put their faith.
 πόλεις ὀχυρὰς ἐπέβη σοφὸς καὶ καθεῖλεν τὸ ὀχύρωμα ἐφ' ᾧ ἐπεποιθισαν οἱ ἀσεβεῖς
- 23 ¶ Veye bouch ou ak lang ou, ou p'ap nan pwoblèm.
He who keeps watch over his mouth and his tongue keeps his soul from troubles.
 ὅς φυλάσσει τὸ στόμα αὐτοῦ καὶ τὴν γλῶσσαν διατηρεῖ ἐκ θλίψεως τὴν ψυχὴν αὐτοῦ
- 24 ¶ Moun k'ap pase Bondye nan betiz, se moun ki radi, se moun ki awogan. Yo pa gen konsiderasyon pou pesonn.
The man of pride, lifted up in soul, is named high-hearted; he is acting in an outburst of pride.
 θρασὺς καὶ αὐθάδης καὶ ἀλαζὼν λοιμὸς καλεῖται ὃς δὲ μνησικακεῖ παράνομος
- 25 ¶ Parese pa anvì leve ni lou ni lejè. Se sa k'ap touye l' la tou.
The desire of the hater of work is death to him, for his hands will do no work.
 ἐπιθυμία ὀκνηρὸν ἀποκτείνουσιν οὐ γὰρ προαιροῦνται αἱ χεῖρες αὐτοῦ ποιεῖν τι
- 26 ¶ Tout lajounen l'ap kalkile sou sa l' ta renmen genyen. Men, moun ki mache dwat yo gen pou bay, y'ap bay san gad dèyè.
All the day the sinner goes after his desire: but the upright man gives freely, keeping nothing back.
 ἀσεβῆς ἐπιθυμεῖ ὅλην τὴν ἡμέραν ἐπιθυμίας κακὰς ὁ δὲ δίκαιος ἐλεᾷ καὶ οἰκτῖρει ἀφειδῶς

- 27 ¶ Seyè a pa ka sipòte lè mechan yo ap ofri bèt pou touye pou li. Sa pi mal toujou lè yo ofri bèt pou touye ba li avèk lide mechanste dèyè tèt yo.
The offering of evil-doers is disgusting; how much more when they give it with an evil purpose!
θυσία ἄσεβῶν βδέλυγμα κυρίῳ καὶ γὰρ παρανόμως προσφέρουσιν αὐτάς
- 28 ¶ Temwen k'ap bay manti gen pou l' mouri. Men, yo p'ap koupe pawòl nan bouch moun ki peze sa l'ap di.
A false witness will be cut off, ...
μάρτυς ψευδῆς ἀπολείται ἀνὴρ δὲ ὑπήκοος φυλασσόμενος λαλήσει
- 29 ¶ Mechan toujou pran pòz radi l'. Men, moun ki mache dwat la konnen sa l'ap fè.
The evil-doer makes his face hard, but as for the upright, he gives thought to his way.
ἀσεβῆς ἀνὴρ ἀναιδῶς ὑφίσταται προσώπῳ ὃ δὲ εὐθῆς αὐτὸς συνίει τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ
- 30 ¶ Devan Seyè a pa gen ni moun konnen, ni moun lespri, ni moun ki gen bon konprann.
Wisdom and knowledge and wise suggestions are of no use against the Lord.
οὐκ ἔστιν σοφία οὐκ ἔστιν ἀνδρεία οὐκ ἔστιν βουλή πρὸς τὸν ἄσεβῆ
- 31 Moun pare chwal pou y' al fè lagè, men se Seyè a k'ap deside kilès k'ap genyen batay la.
The horse is made ready for the day of war, but power to overcome is from the Lord.
ἵππος ἐτοιμάζεται εἰς ἡμέραν πολέμου παρὰ δὲ κυρίου ἡ βοήθεια
- 1 ¶ Pito yo nonmen non ou an byen pase pou ou gen anpil richès. Pito moun gen anpil konsiderasyon pou ou pase pou ou gen anpil lajan ak anpil lò.
A good name is more to be desired than great wealth, and to be respected is better than silver and gold.
αἰρετώτερον ὄνομα καλὸν ἢ πλοῦτος πολὺς ὑπὲρ δὲ ἀργύριον καὶ χρυσίον χάρις ἀγαθῆ
- 2 ¶ Pa gen diferans ant moun rich ak moun pòn, paske tou de se kreyati Bondye yo ye.
The man of wealth and the poor man come face to face: the Lord is the maker of them all.
πλούσιος καὶ πτωχὸς συνήντησαν ἀλλήλοις ἀμφοτέρους δὲ ὁ κύριος ἐποίησεν
- 3 ¶ Moun ki gen konprann, lè li wè malè ap vin sou li, li wete kò l'. Men, moun sòt pote lestonmak li bay, epi se li ki peye sa.
The sharp man sees the evil and takes cover: the simple go straight on and get into trouble.
πανούργος ἰδὼν πονηρὸν τιμωρούμενον κραταιῶς αὐτὸς παιδεύεται οἱ δὲ ἄφρονες παρελθόντες ἐζημιώθησαν
- 4 ¶ Soumèt ou devan Bondye, gen krentif pou li: W'a gen richès, y'a nonmen non ou, w'a viv lontan.
The reward of a gentle spirit and the fear of the Lord is wealth and honour and life.
γενεὰ σοφίας φόβος κυρίου καὶ πλοῦτος καὶ δόξα καὶ ζωὴ
- 5 ¶ Moun ki mache kwochi jwenn pikan ak pèlen sou wout yo. Si ou renmen lavi, pa fè menm wout ak yo.
Thorns and nets are in the way of the twisted: he who keeps watch over his soul will be far from them.
τρίβολοι καὶ παγίδες ἐν ὁδοῖς σκολαιῖς ὃ δὲ φυλάσσωσιν τὴν ἑαυτοῦ ψυχὴν ἀφέξεται αὐτῶν
- 7 ¶ Moun rich ap donminen sou moun pòn. Lè ou prete lajan nan men yon moun, ou tounen timoun devan pòt li.
The man of wealth has rule over the poor, and he who gets into debt is a servant to his creditor.
πλούσιοι πτωχῶν ἄρξουσιν καὶ οἰκέται ἰδίοις δεσπότης δανιοῦσιν
- 8 ¶ Lè ou simen lenjistis, ou rekòlte malè. Ou rete konsa sak te fè ou gen gwo kòlèt la disparèt.
By planting the seed of evil a man will get in the grain of sorrow, and the rod of his wrath will be broken.
ὃ σπειρῶν φαῦλα θερίσει κακὰ πληγὴν δὲ ἔργων αὐτοῦ συντελέσει [8a] ἄνδρα ἱλαρὸν καὶ δότιν εὐλογεῖ ὁ θεὸς ματαιότητα δὲ ἔργων αὐτοῦ συντελέσει
- 9 ¶ Bondye beni moun ki gen bon kè, paske lè moun ki gen bon kè wè yon pòn, yo separe sa yo genyen an avè l'.
He who is kind will have a blessing, for he gives of his bread to the poor.
ὃ ἐλεῶν πτωχὸν αὐτὸς διατραφήσεται τῶν γὰρ ἑαυτοῦ ἄρτων ἔδωκεν τῷ πτωχῷ [9a] νίκην καὶ τιμὴν περιποιεῖται ὃ δῶρα δούς τὴν μέντοι ψυχὴν ἀφαιρεῖται τῶν κεκτημένων
- 10 ¶ Mete moun k'ap pase lòt moun nan betiz la deyò, lamennm tout kont, tout joure ap sispann.
Send away the man of pride, and argument will go out; truly fighting and shame will come to an end.
ἐκβαλε ἐκ συνεδρίου λοιμὸν καὶ συνεξελεύσεται αὐτῷ νεῖκος ὅταν γὰρ καθίσῃ ἐν συνεδρίῳ πάντας ἀτιμάζει

- 11 ¶ Moun ki pa gen move lide dèyè tèt yo epi ki gen bon pawòl nan bouch yo ap gen wa a pou zanmi yo. Men, Bondye renmen moun ki sensè.
He whose heart is clean is dear to the Lord; for the grace of his lips the king will be his friend.
ἀγαπᾷ κύριος ὁσίας καρδίας δεκτοὶ δὲ αὐτῷ πάντες ἄωμοι χεῖλεσιν ποιμαίνει βασιλεὺς
- 12 ¶ Seyè a pwoteje moun k'ap di verite. Men, li fè moun k'ap bay manti yo wont.
The eyes of the Lord keep knowledge, but by him the acts of the false man will be overturned.
οἱ δὲ ὀφθαλμοὶ κυρίου διατηροῦσιν αἴσθησιν φαυλίζει δὲ λόγους παράνομος
- 13 ¶ Parese rete chita lakay li, li di si li soti bèt nan bwa va manje l' nan lari a.
The hater of work says, There is a lion outside: I will be put to death in the streets.
προφασίζεται καὶ λέγει ὀκνηρὸς λέων ἐν ταῖς ὁδοῖς ἐν δὲ ταῖς πλατείαις φονευταί
- 14 ¶ Pawòl fanm adiltè se gwo pèlen. Lè Seyè a move sou yon moun, moun lan ap pran nan pèlen sa a.
The mouth of strange women is a deep hole: he with whom the Lord is angry will go down into it.
βόθρος βαθὺς στόμα παρανόμου ὁ δὲ μισηθεὶς ὑπὸ κυρίου ἐμπεσεῖται εἰς αὐτόν [14a] εἰσὶν ὁδοὶ κακαὶ ἐνώπιον ἀνδρός καὶ οὐκ ἀγαπᾷ τοῦ ἀποστρέψαι ἀπ' αὐτῶν ἀποστρέφειν δὲ δεῖ ἀπὸ ὁδοῦ σκολιᾶς καὶ κακῆς
- 15 ¶ Timoun toujou ap fè move bagay. Men, fwèt ap fè yo pa rekonmanse ankò.
Foolish ways are deep-seated in the heart of a child, but the rod of punishment will send them far from him.
ἄνοια ἐξήπται καρδίας νέου ῥάβδος δὲ καὶ παιδεία μακρὰν ἀπ' αὐτοῦ
- 16 ¶ Lè w'ap peze yon pòn malere se lespri l' w'ap louvri. Lè w'ap fè moun rich kado, se pòn w'ap fè l' pòn.
He who is cruel to the poor for the purpose of increasing his profit, and he who gives to the man of wealth, will only come to be in need.
ὁ συκοφαντῶν πένητα πολλὰ ποιεῖ τὰ ἑαυτοῦ δίδωσιν δὲ πλουσίῳ ἐπ' ἑλάσσονι
- 17 ¶ Louvri zòrèy ou, koute pawòl moun ki gen bon konprann yo. Chache konprann sa m'ap moutre ou la a.
Let your ear be bent down for hearing my words, and let your heart give thought to knowledge.
λόγοις σοφῶν παράβαλλε σὸν οὖς καὶ ἄκουε ἐμὸν λόγον τὴν δὲ σὴν καρδίαν ἐπίστησον ἵνα γνῶς ὅτι καλοὶ εἰσιν
- 18 L'a bon pou ou toujou kenbe yo nan kè ou, pou yo ka toujou anba lang ou.
For it is a delight to keep them in your heart, to have them ready on your lips.
καὶ ἐὰν ἐμβάλῃς αὐτοὺς εἰς τὴν καρδίαν σου εὐφρανοῦσιν σε ἅμα ἐπὶ σοῖς χεῖλεσιν
- 19 Koulye a, mwen pral moutre ou tout pawòl sa yo, ou menm tou, pou ou ka mete konfyans ou nan Seyè a.
So that your faith may be in the Lord, I have made them clear to you this day, even to you.
ἵνα σου γένηται ἐπὶ κύριον ἢ ἐλπίς καὶ γνωρίση σοι τὴν ὁδὸν αὐτοῦ
- 20 Depi lontan, mwen te ekri bon pawòl sa yo pou ou. W'a jwenn anpil bon konsèy ak konesans ladan yo.
Have I not put in writing for you thirty sayings, with wise suggestions and knowledge,
καὶ σὺ δὲ ἀπόγραψαι αὐτὰ σεαυτῷ τρισσῶς εἰς βουλήν καὶ γνῶσιν ἐπὶ τὸ πλάτος τῆς καρδίας σου
- 21 Y'a fè ou konnen verite a jan li ye a. Konsa, w'a pote bon repons bay moun ki te voye ou la. Men yo:
To make you see how certain are true words, so that you may give a true answer to those who put questions to you?
διδάσκω σὺν σε ἀληθῆ λόγον καὶ γνῶσιν ἀγαθὴν ὑπακοῦειν τοῦ ἀποκρίνεσθαι λόγους ἀληθείας τοῖς προβαλλομένοις σοι
- 22 ¶ Pa pran ti sa pòn la genyen an paske se pòn li ye. Pa pwofite sou ti malere yo nan tribinal.
Do not take away the property of the poor man because he is poor, or be cruel to the crushed ones when they come before the judge:
μὴ ἀποβιάζω πένητα πτωχὸς γὰρ ἐστὶν καὶ μὴ ἀτιμᾶσης ἀσθενῆ ἐν πύλαις
- 23 Se Seyè a ki va plede kòz yo pou yo. L'a touye moun ki vòlò malere sa yo.
For the Lord will give support to their cause, and take the life of those who take their goods.
ὁ γὰρ κύριος κρινεῖ αὐτοῦ τὴν κρίσιν καὶ ῥύση σὴν ἄσυλον ψυχὴν
- 24 ¶ Pa fè zanmi ak moun ki ankòlè fasil. Pa mache ak moun ki gen san wo.
Do not be friends with a man who is given to wrath; do not go in the company of an angry man:
μὴ ἴσθι ἑταῖρος ἀνδρὶ θυμῶδε φιλῶ δὲ ὀργίλῳ μὴ συναλιζοῦ

- 25 W'a pran move mès yo. W'a rale malè sou ou.
For fear of learning his ways and making a net ready for your soul.
μήποτε μάθης τῶν ὁδῶν αὐτοῦ καὶ λάβῃς βρόχους τῆ σῆ ψυχῆ
- 26 ¶ Pa pwomèt pou ou reskonsab dèt you lòt moun fè.
Be not one of those who give their hands in an agreement, or of those who make themselves responsible for debts:
μὴ δίδου σεαυτὸν εἰς ἐγγύην αἰσχυρόμενος πρόσωπον
- 27 Si ou pa ka peye, y'a sezi ata kabann anba do ou.
If you have nothing with which to make payment, he will take away your bed from under you.
ἐὰν γὰρ μὴ ἔχῃς πόθεν ἀποτείσης λήμψονται τὸ στρώμα τὸ ὑπὸ τὰς πλευράς σου
- 28 ¶ Pa janm deplase bòn tè kote granmoun lontan te mete yo.
Let not the old landmark be moved which your fathers have put in place.
μὴ μέταιρε ὄρια αἰῶνια ἃ ἔθεντο οἱ πατέρες σου
- 29 ¶ Moutre m' you nonm ki gen ladrès nan sa l'ap fè. Se moun konsa k'ap rive travay ak chèf. Li pa pral travay ak moun ki pa anyen.
Have you seen a man who is expert in his business? he will take his place before kings; his place will not be among low persons.
ὀρατικὸν ἄνδρα καὶ ὄξυν ἐν τοῖς ἔργοις αὐτοῦ βασιλεῦσι δεῖ παρεστάναι καὶ μὴ παρεστάναι ἀνδράσι νοθροῖς
- 1 ¶ Lè chèf envite ou manje sou menm tab ak li, pa janm bliye ki moun li ye.
When you take your seat at the feast with a ruler, give thought with care to what is before you;
ἐὰν καθίσῃς δειπνεῖν ἐπὶ τραπέζης δυναστῶν νοητῶς νόει τὰ παρατιθέμενά σοι
- 2 Si ou se you moun ki gen bon lapeti, kontwole bouch ou.
And put a knife to your throat, if you have a strong desire for food.
καὶ ἐπιβάλλε τὴν χειρὰ σου εἰδὼς ὅτι τοιαῦτὰ σε δεῖ παρασκευάσαι
- 3 Pa pote lanvi sou bon ti manje l'ap ofri ou yo. Se ka you pèlen li tann pou ou.
Have no desire for his delicate food, for it is the bread of deceit.
εἰ δὲ ἀπληστότερος εἶ μὴ ἐπιθύμει τῶν ἐδεσμάτων αὐτοῦ ταῦτα γὰρ ἔχεται ζωῆς ψευδοῦς
- 4 ¶ Pa touye tèt ou ap kouri dèyè lajan pou ou vin rich. Wete lide ou sou sa.
Take no care to get wealth; let there be an end to your desire for money.
μὴ παρεκτείνου πένης ὦν πλουσίῳ τῆ δὲ σῆ ἐννοία ἀπόσχου
- 5 Paske, anvan ou bat je ou, li gen tan disparèt. Ou ta di lajan gen zèl. Li rete konsa, li vole, li ale.
Are your eyes lifted up to it? it is gone: for wealth takes to itself wings, like an eagle in flight up to heaven.
ἐὰν ἐπιστήσῃς τὸ σὸν ὄμμα πρὸς αὐτὸν οὐδαμοῦ φανεῖται κατεσκευάσαι γὰρ αὐτῷ πτέρυγες ὡσπερ ἀετοῦ καὶ ὑποστρέφει εἰς τὸν οἶκον τοῦ προεστηκότος αὐτοῦ
- 6 ¶ Pa chita pou ou manje sou menm tab ak moun ki tikoulout. Pa pote lanvi sou manje l'ap ofri ou.
Do not take the food of him who has an evil eye, or have any desire for his delicate meat:
μὴ συνδέιπνει ἀνδρὶ βασκάνῳ μηδὲ ἐπιθύμει τῶν βρωμάτων αὐτοῦ
- 7 Li chich ata ak tèt pa li, ale wè avè ou. L'ap di ou: Manje non, monchè! Bwè non! Men se pa ak tout kè li l'ap di ou sa.
For as the thoughts of his heart are, so is he: Take food and drink, he says to you; but his heart is not with you.
ὄν τρόπον γὰρ εἰ τις καταπίοι τρίχα οὕτως ἐσθίει καὶ πίνει
- 8 W'a vonmi tou sa ou te manje a. Tout bèl pawòl ou te di l' yo p'ap sèvi ou anyen.
The food which you have taken will come up again, and your pleasing words will be wasted.
μηδὲ πρὸς σὲ εἰσαγάγῃς αὐτὸν καὶ φάγῃς τὸν ψωμόν σου μετ' αὐτοῦ ἐξεμέσει γὰρ αὐτὸν καὶ λυμανεῖται τοὺς λόγους σου τοὺς καλοὺς
- 9 ¶ Pa chache fè you moun san konprann konprann anyen. Li p'ap tande anyen nan sa w'ap di l' la. Lèfini, l'ap meprize ou met sou li.
Say nothing in the hearing of a foolish man, for he will put no value on the wisdom of your words.
εἰς ὅτα ἄφρονος μηδὲν λέγε μήποτε μυκτηρίση τοὺς συνετοὺς λόγους σου

- 10 ¶ Pa janm deplase bòn tè kote yo te ye depi lontan an. Pa antre sou jaden ki pou timoun san papa.
Do not let the landmark of the widow be moved, and do not go into the fields of those who have no father;
μη μεταθῆς ὄρια αἰώνια εἰς δὲ κτῆμα ὀρφανῶν μὴ εἰσέλθῃς
- 11 Se Bondye k'ap defann yo, li gen anpil pouvwa. L'a plede kòz yo kont ou.
For their saviour is strong, and he will take up their cause against you.
ὁ γὰρ λυτροῦμενος αὐτοὺς κύριος κραταιός ἐστιν καὶ κρινεῖ τὴν κρίσιν αὐτῶν μετὰ σοῦ
- 12 ¶ Mete tèt ou an plas lè y'ap moutre ou kichòy. Louvri zòrèy ou lè yon moun ki gen konesans ap pale.
Give your heart to teaching, and your ears to the words of knowledge.
δὸς εἰς παιδείαν τὴν καρδίαν σου τὰ δὲ ὄτᾶ σου ἐτοίμασον λόγοις αἰσθήσεως
- 13 Ou pa bezwen pè bat yon timoun. Yon bèl kal, sa p'ap touye l'.
Do not keep back training from the child: for even if you give him blows with the rod, it will not be death to him.
μη ἀπόσχῃ νήπιον παιδεύειν ὅτι ἐὰν πατάξῃς αὐτὸν ῥάβδῳ οὐ μὴ ἀποθάνῃ
- 14 Okontrè, si ou bat li, w'a sove nanm li pou l' pa mouri.
Give him blows with the rod, and keep his soul safe from the underworld.
σὺ μὲν γὰρ πατάξεις αὐτὸν ῥάβδῳ τὴν δὲ ψυχὴν αὐτοῦ ἐκ θανάτου ῥύσῃ
- 15 Pitit mwen, si ou gen bon konprann, mwen p'ap manke kontan.
My son, if your heart becomes wise, I, even I, will be glad in heart;
υἱέ ἐὰν σοφὴ γένηταί σου ἡ καρδία εὐφρανεῖς καὶ τὴν ἐμὴν καρδίαν
- 16 M'a kontan anpil lè m'a tande bon pawòl k'ap soti nan bouch ou.
And my thoughts in me will be full of joy when your lips say right things.
καὶ ἐνδιατρίψει λόγοις τὰ σὰ χεῖλη πρὸς τὰ ἐμὰ χεῖλη ἐὰν ὀρθὰ ὦσιν
- 17 ¶ Pa pote lanvi sou moun k'ap fè sa ki mal. Nan tou sa w'ap fè, toujou gen krentif pou Bondye.
Have no envy of sinners in your heart, but keep in the fear of the Lord all through the day;
μη ζηλώτω ἡ καρδία σου ἀμαρτωλοῦς ἀλλὰ ἐν φόβῳ κυρίου ἴσθι ὅλην τὴν ἡμέραν
- 18 Paske gen denmen. Se pa pou gremesi w'ap tann sa w'ap tann lan.
For without doubt there is a future, and your hope will not be cut off.
ἐὰν γὰρ τηρήσῃς αὐτὰ ἔσται σοι ἔκγονα ἡ δὲ ἐλπίς σου οὐκ ἀποστήσεται
- 19 ¶ Louvri zòrèy ou, gason mwen, pou ou ka gen bon konprann, pou ou ka mache dwat. Kalkile byen kote w'ap mete pye ou, pou ou ka mache dwat.
Give ear, my son, and be wise, guiding your heart in the right way.
ἄκουε υἱέ καὶ σοφὸς γίνου καὶ κατεύθυνε ἐννοίας σῆς καρδίας
- 20 Pa fè zanmi avèk moun k'ap bwè twòp, ak moun k'ap fè safte.
Do not be among those who give themselves to wine-drinking, or among those who make themselves full with meat:
μη ἴσθι οἰνοπότης μηδὲ ἐκτείνου συμβολαῖς κρεῶν τε ἀγορασμοῖς
- 21 Paske moun k'ap fè metye bwè ak moun ki afre ap vin pòv. Si ou pase tout tan ou ap dòmi, talè konsa w'ap mache yon men devan yon men deyè.
For those who take delight in drink and feasting will come to be in need; and through love of sleep a man will be poorly clothed.
πᾶς γὰρ μέθυσος καὶ πορνοκόπος πτωχεύσει καὶ ἐνδύσεται διερρηγμένα καὶ ῥακώδη πᾶς ὑπνώδης
- 22 Pitit mwen, koute papa ou ki fè ou. Pa meprize manman ou lè li fin granmoun.
Give ear to your father whose child you are, and do not keep honour from your mother when she is old.
ἄκουε υἱέ πατρὸς τοῦ γεννήσαντός σε καὶ μὴ καταφρόνει ὅτι γεγήρακέν σου ἡ μήτηρ
- 24 Papa ki gen yon pitit k'ap mache dwat ap toujou kontan. Manman ki fè yon pitit ki gen bon konprann ap toujou gen kè kontan.
The father of the upright man will be glad, and he who has a wise child will have joy because of him.
καλῶς ἐκτρέφει πατήρ δίκαιος ἐπὶ δὲ υἱῷ σοφῷ εὐφραίνεται ἡ ψυχὴ αὐτοῦ

- 25 Fè kè papa ou ak manman ou kontan. Fè kè manman ki fè ou la kontan.
Let your father and your mother be glad, let her who gave you birth have joy.
 εὐφραινέσθω ὁ πατήρ καὶ ἡ μήτηρ ἐπὶ σοὶ καὶ χαίρετω ἡ τεκοῦσά σε
- 26 Pitit mwen, louvri zòrèy ou pou tande sa m'ap di ou. Louvri je ou byen pou ou wè jan m'ap viv.
My son, give me your heart, and let your eyes take delight in my ways.
 δὸς μοι υἱέ σὴν καρδίαν οἱ δὲ σοὶ ὀφθαλμοὶ ἐμὰς ὁδοὺς τηρεῖτωσαν
- 27 Fanm jennès se tankou yon twou pèlen, fanm adiltè se tankou yon pi jis jis.
For a loose woman is a deep hollow, and a strange woman is a narrow water-hole.
 πίθος γὰρ τετρημένος ἐστὶν ἀλλότριος οἶκος καὶ φρέαρ στενὸν ἀλλότριον
- 28 Tankou vòlò, y'ap pare pèlen pou ou. Yo fè anpil gason pèdi tèt yo.
Yes, she is waiting secretly like a beast for its food, and deceit by her is increased among men.
 οὗτος γὰρ συντόμως ἀπολείται καὶ πᾶς παράνομος ἀναλωθήσεται
- 29 ¶ Ki moun ki nan tèt chaje, ki nan lapenn? Ki moun ki toujou nan kont, ki tou tan ap plenyen? Ki moun k'ap pran kou san rezon, ki gen je yo tou wouj?
Who says, Oh! who says, Ah! who has violent arguments, who has grief, who has wounds without cause, whose eyes are dark?
 τίνοι οὐαὶ τίνοι θόρυβος τίνοι κρίσις τίνοι ἀηδία καὶ λέσχει τίνοι συντρίμματα διὰ κενῆς τίνος πέλειοι οἱ ὀφθαλμοὶ
- 30 Se moun k'ap bwè twòp gwòg, moun k'ap kouri deyè tranpe.
Those who are seated late over the wine: those who go looking for mixed wine.
 οὐ τῶν ἐγγυρόντων ἐν οἴνοις οὐ τῶν ἰχνεύόντων ποῦ πότοι γίνονται
- 31 Pa kite bweson pran nanm ou, ou te mèt wè jan li bèl, jan li klè nan vè a. Lè ou bwè l', li desann dous nan gòj ou.
Keep your eyes from looking on the wine when it is red, when its colour is bright in the cup, when it goes smoothly down:
 μὴ μεθύσκεσθε οἶνον ἀλλὰ ὀμιλεῖτε ἀνθρώποις δικαίοις καὶ ὀμιλεῖτε ἐν περιπάτοις ἐὰν γὰρ εἰς τὰς φιάλας καὶ τὰ ποτήρια δῶς τοὺς ὀφθαλμούς σου ὕστερον περιπατήσεις γυμνότερος ὑπέρου
- 32 Men, pita ou santi se tankou yon move sèpan ki mòde ou, yon sèpan aspik ki pike ou.
In the end, its bite is like that of a snake, its wound like the wound of a poison-snake.
 τὸ δὲ ἔσχατον ὥσπερ ὑπὸ ὄφεως πεπληγὸς ἐκτείνεται καὶ ὥσπερ ὑπὸ κέραστου διαχεῖται αὐτῷ ὁ ἰός
- 33 W'ap wè tout bagay ap vire devan je ou, w'ap depale.
Your eyes will see strange things, and you will say twisted things.
 οἱ ὀφθαλμοὶ σου ὅταν ἴδωσιν ἀλλοτρίαν τὸ στόμα σου τότε λαλήσει σκολιά
- 34 W'ap santi tankou si ou te sou lanmè: w'ap tankou si ou te sou tèt yon ma batiman.
Yes, you will be like him who takes his rest on the sea, or on the top of a sail-support.
 καὶ κατακείσῃ ὥσπερ ἐν καρδίᾳ θαλάσσης καὶ ὥσπερ κυβερνήτης ἐν πολλῷ κλύδωνι
- 35 Lè sa a w'a di: Gen lè yo bat mwen, mwen pa santi sa. Gen lè yo te ban m' kou, mwen pa konn sa. Kilè m'a leve la a? Mwen ta pran yon ti kou ankò.
They have overcome me, you will say, and I have no pain; they gave me blows without my feeling them: when will I be awake from my wine? I will go after it again.
 ἔρεις δὲ τύπουσίν με καὶ οὐκ ἐπόνεσα καὶ ἐνέπαιζάν μοι ἐγὼ δὲ οὐκ ἤδην πότε ὄρθρος ἐστὶ ἵνα ἔλθὼν ζητήσω μεθ' ὧν συνελεύσομαι
- 1 ¶ Pa anvye sò mechan yo. Pa chache fè zanmi ak yo.
Have no envy for evil men, or any desire to be with them:
 υἱέ μὴ ζηλώσης κακοῦς ἀνδρας μηδὲ ἐπιθυμήσης εἶναι μετ' αὐτῶν
- 2 Yon sèl bagay ki nan tèt yo, se fè mechanste. Yon sèl pawòl ki nan bouch yo, se fè moun mal.
For the purposes of their hearts are destruction, and their lips are talking of trouble.
 ψεύδη γὰρ μελετᾷ ἡ καρδία αὐτῶν καὶ πόνους τὰ χεῖλη αὐτῶν λαλεῖ
- 3 ¶ Bon konprann ap fè kay ou kanpe. Bon konnesans ap fè l' kanpe fèm.
The building of a house is by wisdom, and by reason it is made strong:
 μετὰ σοφίας οἰκοδομεῖται οἶκος καὶ μετὰ συνέσεως ἀνορθοῦται

- 4 Kote ki gen konesans, pyès kay yo plen ak bon bagay ki koute chè.
And by knowledge its rooms are full of all dear and pleasing things.
μετὰ αἰσθήσεως ἐμπίμπλαται ταμίεια ἐκ παντὸς πλοῦτου τιμίου καὶ καλοῦ
- 5 Pito ou gen bon konprann pase ou gen fòs. Wi, moun ki gen konesans vo plis pase moun ki gwonè.
A wise man is strong; and a man of knowledge makes strength greater.
κρείσσω σοφὸς ἰσχυροῦ καὶ ἀνὴρ φρόνησιν ἔχων γεωργίου μεγάλου
- 6 Paske, se pou ou ranje plan ou anvan ou antre nan batay. Plis ou gen moun k'ap ba ou konsèy, plis ou gen chans pou ou genyen batay la.
For by wise guiding you will overcome in war: and in a number of wise guides there is salvation.
μετὰ κυβερνήσεως γίνεται πόλεμος βοήθεια δὲ μετὰ καρδίας βουλευτικῆς
- 7 ¶ Pawòl moun konprann twò wo pou moun san konprann. Yo pa gen anyen pou yo di kote koze serye ap pale.
Wisdom is outside the power of the foolish: he keeps his mouth shut in the public place.
σοφία καὶ ἐννοια ἀγαθὴ ἐν πύλαις σοφῶν σοφοὶ οὐκ ἐκκλίνουσιν ἐκ στόματος κυρίου
- 8 Lè yon moun tout tan ap kalkile jan pou l' fè sa ki mal, y'ap rele l' malveyan.
He whose purposes are bad will be named a man of evil designs.
ἀλλὰ λογίζονται ἐν συνεδρίοις ἀπαιδεύτοις συναντᾷ θάνατος
- 9 Tou sa moun san konprann gen lide fè, se fè sa ki mal. Konsa tou, moun pa vle wè moun k'ap plede pase moun nan betiz.
The purpose of the foolish is sin: and the hater of authority is disgusting to others.
ἀποθηήσκει δὲ ἄφρων ἐν ἀμαρτίαις ἀκαθαρσία δὲ ἀνδρὶ λοιμῶ ἐμολυνθήσεται
- 10 ¶ Si jou malè ou pa gen kouraj pou kenbe, ou pa t' janm gen fòs vre.
If you give way in the day of trouble, your strength is small.
ἐν ἡμέρᾳ κακῆ καὶ ἐν ἡμέρᾳ θλίψεως ἕως ἂν ἐκλίπη
- 11 ¶ Delivre moun y'ap trennen pou y' al touye. Sove moun y'ap bourade pou y' al egzekite.
Be the saviour of those who are given up to death, and do not keep back help from those who are slipping to destruction.
ῥῦσαι ἀγομένους εἰς θάνατον καὶ ἐκπρίου κτεινομένους μὴ φείση
- 12 Si ou pran ròz ou pa t' konn sa, chonje Bondye. Li menm k'ap jije sa ki nan kè moun, l'ap wè sa. Li menm k'ap veye tou sa w'ap fè, l'ap konn sa. L'ap fè tout moun peye pou sa yo fè.
If you say, See, we had no knowledge of this: does not the tester of hearts give thought to it? and he who keeps your soul, has he no knowledge of it? and will he not give to every man the reward of his work?
ἐὰν δὲ εἴπῃς οὐκ οἶδα τοῦτον γίνωσκε ὅτι κύριος καρδίας πάντων γινώσκει καὶ ὁ πλάσας πνοὴν πᾶσιν αὐτὸς οἶδεν πάντα ὃς ἀποδίδωσιν ἐκάστῳ κατὰ τὰ ἔργα αὐτοῦ
- 13 ¶ Pitit mwen, bwè siwo myèl, sa bon pou ou. Menm jan siwo myèl k'ap koule soti nan gato myèl dous nan bouch ou,
My son, take honey, for it is good; and the flowing honey, which is sweet to your taste:
φάγε μέλι υἱέ ἀγαθὸν γὰρ κηρίον ἵνα γλυκανθῆ σου ὁ φάρυγξ
- 14 se konsa konesans ak bon konprann bon pou nanm ou. Si ou genyen yo, w'a fè chemen ou nan lavi. Sa w'ap tann lan, lavalas p'ap pote l' ale.
So let your desire be for wisdom: if you have it, there will be a future, and your hope will not be cut off.
οὕτως αἰσθήση σοφίαν τῆ σῆ ψυχῆ ἐὰν γὰρ εὖρῃς ἔσται καλὴ ἡ τελευτὴ σου καὶ ἐλπίς σε οὐκ ἐγκαταλείψει
- 15 ¶ Pa janm fè plan tankou mechan yo pou chache fofile kò ou anndan kay moun k'ap mache dwat. Pa chache devalize kote l' rete a.
Do not keep a secret watch, O evil-doer, against the fields of the upright man, or send destruction on his resting-place:
μὴ προσαγάγῃς ἀσεβῆ νομῆ δικαίων μηδὲ ἀπατηθῆς χορτασιά κοιλίας
- 16 Paske, moun k'ap mache dwat yo te mèt tonbe sèt fwa. Pa pè, y'ap toujou leve ankò. Men, nan mechanste yo, mechan yo ap tonbe, yo p'ap ka leve ankò.
For an upright man, after falling seven times, will get up again: but trouble is the downfall of the evil.
ἐπτάκι γὰρ πεσεῖται ὁ δίκαιος καὶ ἀναστήσεται οἱ δὲ ἀσεβεῖς ἀσθενήσουσιν ἐν κακοῖς
- 17 ¶ Pa prese fè kè ou kontan lè malè rive lènmi ou. Pa kouri fè fèt lè li bite.
Do not be glad at the fall of your hater, and let not your heart have joy at his downfall:
ἐὰν πέσῃ ὁ ἐχθρὸς σου μὴ ἐπιχαρῆς αὐτῷ ἐν δὲ τῷ ὑποσκελισματι αὐτοῦ μὴ ἐπαίρου

- 18 Seyè a ap wè sa. Sa p'ap fè l' plezi. Li ka rive pa pini l' poutèt sa.
For fear that the Lord may see it, and it may be evil in his eyes, and his wrath may be turned away from him.
ὅτι ὄψεται κύριος καὶ οὐκ ἀρέσει αὐτῷ καὶ ἀποστρέψει τὸν θυμὸν αὐτοῦ ἀπ' αὐτοῦ
- 19 ¶ Pa kite moun k'ap fè sa ki mal fè ou pèdi tèt ou. Pa anvye sò mechan yo.
Do not be troubled because of evil-doers, or have envy of sinners:
μὴ χαίρει ἐπὶ κακοποιοῖς μηδὲ ζήλου ἀμαρτωλοῦς
- 20 Paske mechan yo pa pral lwen. Lavi yo tankou yon lanp k'ap mourì.
For there will be no future for the evil man; the light of sinners will be put out.
οὐ γὰρ μὴ γένηται ἔκγονα πονηρῶν λαμπτήρ δὲ ἀσεβῶν σβεσθήσεται
- 21 ¶ Pitit mwen, gen krentif pou Seyè a. Respekte wa a. Ou pa gen anyen pou ou wè ak moun k'ap kenbe tèt ak yo.
My son, go in fear of the Lord and the king; have nothing to do with those who are in high positions:
φοβοῦ τὸν θεὸν υἱὲ καὶ βασιλέα καὶ μηθετέρῳ αὐτῶν ἀπειθήσης
- 22 Moun sa yo ap rete konsa, malè ap tonbe sou yo. Ou pa janm konnen ki kalite malè Seyè a osinon wa a ka fè rive sou ou.
For their downfall will come suddenly; and who has knowledge of the destruction of those in high positions?
ἐξαίφνης γὰρ τείσονται τοὺς ἀσεβεῖς τὰς δὲ τιμωρίας ἀφοπτότερον τίς γνώσεται [22α] λόγον φυλασσόμενος υἱὸς ἀπωλείας ἐκτὸς ἔσται δεχόμενος δὲ ἐδέξατο αὐτόν [22β] μηδὲν ψεῦδος ἀπὸ γλώσσης βασιλεῖ λέγεσθω καὶ οὐδὲν ψεῦδος ἀπὸ γλώσσης αὐτοῦ οὐ μὴ ἐξέλθῃ [22ξ] μάχαιρα γλῶσσα βασιλέως καὶ οὐ σαρκίνη ὅς δ' ἂν παραδοθῇ συντριβήσεται [22δ] ἐὰν γὰρ ὀξυνθῇ ὁ θυμὸς αὐτοῦ σὺν νεύροις ἀνθρώπου ἀναλίσκει [22ε] καὶ ὅστ' ἀνθρώπων κατατρώγει καὶ συγκαίει ὥσπερ φλόξ ὅστε ἄβρωτα εἶναι νεοσσοῖς ἀετῶν
- 23 ¶ Men lòt pawòl moun ki gen bon konprann yo te di ankò. Sa pa bon pou yon jij gade sou figi moun lè l'ap rann jijman.
These are more sayings of the wise: To have respect for a person's position when judging is not good.
ταῦτα δὲ λέγω ὑμῖν τοῖς σοφοῖς ἐπιγινώσκειν αἰδεῖσθαι πρόσωπον ἐν κρίσει οὐ καλόν
- 24 Lè yon jij di yon moun ki fè sa ki mal: Se ou ki gen rezon, jij sa a, tout moun gen pou madichonnen l'. Y'ap rayi l' toupatou sou latè.
He who says to the evil-doer, You are upright, will be cursed by peoples and hated by nations.
ὁ εἰπὼν τὸν ἀσεβῆ δίκαιός ἐστιν ἐπικατάρατος λαοῖς ἔσται καὶ μισητός εἰς ἔθνη
- 25 Men, jij ki pini moun ki antò a va gen kè kontan. Bondye va beni l'. Tout zafè l' va mache byen.
But those who say sharp words to him will have delight, and a blessing of good will come on them.
οἱ δὲ ἐλέγχοντες βελτίους φανοῦνται ἐπ' αὐτοὺς δὲ ἴξει εὐλογία ἀγαθῆ
- 26 Lè ou bay yon bon repons, ou aji tankou yon bon zanmi.
He gives a kiss with his lips who gives a right answer.
χεῖλη δὲ φιλήσουσιν ἀποκρινόμενα λόγους ἀγαθοῦς
- 27 ¶ Regle tout zafè ou. Mete jaden ou an fòm. Apre sa, ou mèt tabli.
Put your work in order outside, and make it ready in the field; and after that, see to the building of your house.
ἐτοίμαζε εἰς τὴν ἔξοδον τὰ ἔργα σου καὶ παρασκευάζου εἰς τὸν ἀγρὸν καὶ πορεύου κατόπισθὲν μου καὶ ἀνοικοδομήσεις τὸν οἶκόν σου
- 28 ¶ Pa leve pale sou do frè parèy ou san rezon. Pa bay manti sou li.
Do not be a violent witness against your neighbour, or let your lips say what is false.
μὴ ἴσθι ψευδῆς μάρτυς ἐπὶ σὸν πολίτην μηδὲ πλατόνου σοῖς χεῖλεσιν
- 29 Pa janm di li fè m', m'ap fè l' tou. M'ap fè l' peye sa li fè a.
Say not, I will do to him as he has done to me; I will give the man the reward of his work.
μὴ εἴπῃς ὃν τρόπον ἐχρήσατό μοι χρήσομαι αὐτῷ τείσομαι δὲ αὐτὸν ἃ με ἠδίκησεν
- 30 ¶ Mwen pase bò jaden yon nonm parese, bò jaden rezen yon moun ki san konprann.
I went by the field of the hater of work, and by the vine-garden of the man without sense;
ὥσπερ γεώργιον ἀνήρ ἄφρων καὶ ὥσπερ ἀμπελὼν ἀνθρώπος ἐνδεὴς φρενῶν

- 31 **Pikan te fin pran jaden an nèt. Move zèb t'ap pouse toupatou. Lantouraj jaden yo te fin tonbe.**
And it was all full of thorns, and covered with waste plants, and its stone wall was broken down.
 ἐὰν ἀφῆς αὐτόν χερσωθήσεται καὶ χορτομανήσει ὅλος καὶ γίνεται ἐκλελειμμένος οἱ δὲ φραγμοὶ τῶν λίθων αὐτοῦ κατασκάπτονται
- 32 **Lè mwen wè sa, mwen kalkile. Mwen gade, sa ban m' yon lesou.**
Then looking at it, I gave thought: I saw, and I got teaching from it.
 ὕστερον ἐγὼ μετενόησα ἐπέβλεψα τοῦ ἐκλέξασθαι παιδείαν
- 33 **Dòmì, kabícha, kouche sou do, kwaze men ou dèyè tèt ou... Se bon!**
A little sleep, a little rest, a little folding of the hands in sleep:
 ὀλίγον νυστάζω ὀλίγον δὲ καθυπνῶ ὀλίγον δὲ ἐναγκαλιζομαι χερσὶν στήθη
- 34 **W'ap rete konsa, w'ap wè ou pòn. Mizè ap tonbe sou ou tankou yon ansasen san ou pa atann.**
So loss will come on you like an outlaw, and your need like an armed man.
 ἐὰν δὲ τοῦτο ποιῆς ἦξει προπορευομένη ἡ πενία σου καὶ ἡ ἔνδειά σου ὥσπερ ἀγαθὸς δρομεύς
- 1 **¶ Men pawòl Agou, pitit Jake, moun peyi Masa. Men deklarasyon nonm lan te fè: Mwen bouke, Bondye! Mwen bouke, Bondye! Mwen pa kapab ankò!**
The words of Agur, the son of Jakeh, from Massa. The man says: I am full of weariness, O God, I am full of weariness; O God, I have come to an end:
 τοὺς ἐμοὺς λόγους υἱὲ φοβήθητι καὶ δεξιόμενος αὐτοῦ μετανόη τάδε λέγει ὁ ἀνὴρ τοῖς πιστεύουσιν θεῷ καὶ παύομαι
- 2 **Mwen sòt pase panyen pèsi. Se pa moun mwen ye. Mwen pa gen lespri tankou tout moun.**
For I am more like a beast than any man, I have no power of reasoning like a man:
 ἀφρονέστατος γὰρ εἰμι πάντων ἀνθρώπων καὶ φρόνησις ἀνθρώπων οὐκ ἔστιν ἐν ἐμοί
- 3 **Mwen pa janm konnen sa ki rele konesans. Mwen pa konprann anyen nan bagay Bondye.**
I have not got wisdom by teaching, so that I might have the knowledge of the Holy One.
 θεὸς δεδίδαχέν με σοφίαν καὶ γινώσκιν ἀγίων ἔγνωκα
- 4 **Ki moun ki janm moute nan syèl, apre sa ki redessann sou latè? Ki moun ki janm ranmase van yo nan men l'? Ki moun ki janm mare dlo yo nan rad li? Ki moun ki fikse limit tè a? Ki jan li rele? Ki jan pitit li rele? Di m' non, si ou konnen?**
Who has gone up to heaven and come down? who has taken the winds in his hands, prisoning the waters in his robe? by whom have all the ends of the earth been fixed? what is his name, and what is his son's name, if you are able to say?
 τίς ἀνέβη εἰς τὸν οὐρανὸν καὶ κατέβη τίς συνήγαγεν ἀνέμους ἐν κόλπῳ τίς συνέστρεψεν ὕδωρ ἐν ἱματίῳ τίς ἐκράτησεν πάντων τῶν ἄκρων τῆς γῆς τί ὄνομα αὐτοῦ ἢ τί ὄνομα τοῖς τέκνοις αὐτοῦ ἵνα γινῶς
- 5 **Bondye toujou kenbe pawòl li. Li pwoteje tout moun ki mete konfyans yo nan li.**
Every word of God is tested: he is a breastplate to those who put their faith in him.
 πάντες λόγοι θεοῦ πεπυρωμένοι ὑπερασπίζει δὲ αὐτὸς τῶν εὐλαβουμένων αὐτόν
- 6 **Pa fè l' di sa li pa di. Si ou fè sa, l'a fè ou repwòch, l'a fè tout moun wè se mantò ou ye.**
Make no addition to his words, or he will make clear your error, and you will be seen to be false.
 μὴ προσθήης τοῖς λόγοις αὐτοῦ ἵνα μὴ ἐλέγξῃ σε καὶ ψευδῆς γένη
- 7 **¶ Bondye, se de bagay ase mwen mande ou: Tanpri, pa refize m' yo anvan mwen mourì.**
I have made request to you for two things; do not keep them from me before my death:
 δύο αἰτοῦμαι παρὰ σοῦ μὴ ἀφέλῃς μου χάριν πρὸ τοῦ ἀποθανεῖν με
- 8 **Men yo: Pa kite m' bay manti pou m' twonpe moun. Pa fè m' ni rich ni pòn. Ban m' kantite manje mwen bezwen pou m' viv la.**
Put far from me all false and foolish things: do not give me great wealth or let me be in need, but give me only enough food:
 μάταιον λόγον καὶ ψευδῆ μακράν μου ποίησον πλοῦτον δὲ καὶ πενίαν μὴ μοι δῶς σύνταξον δέ μοι τὰ δέοντα καὶ τὰ ἀπάρκη
- 9 **Si mwen gen twòp, m'a vire do ba ou, m'a di mwen pa konnen ki moun ou ye. Si mwen pa gen ase, m'a vòlò, m'a fè yo pase ou nan betiz.**
For fear that if I am full, I may be false to you and say, Who is the Lord? or if I am poor, I may become a thief, using the name of my God wrongly.
 ἵνα μὴ πλησθεὶς ψευδῆς γένομαι καὶ εἶπω τίς με ὀρᾷ ἢ πενηθεὶς κλέψω καὶ ὁμῶσω τὸ ὄνομα τοῦ θεοῦ

- 10 ¶ Pa janm pale yon domestik mal devan mèt li. L'a madichonnen ou, l'a fè ou peye bouch ou.
Do not say evil of a servant to his master, or he will put a curse on you, and you will get into trouble.
μη παραδῶς οἰκέτην εἰς χειρας δεσπότης μήποτε καταράσῃται σε καὶ ἀφανισθῆς
- 11 Gen yon kalite moun k'ap bay papa yo madichon, ki pa gen konsiderasyon pou manman yo.
There is a generation who put a curse on their father, and do not give a blessing to their mother.
ἐκγονον κακὸν πατέρα καταρᾶται τὴν δὲ μητέρα οὐκ εὐλογεῖ
- 12 Gen yon lòt kalite moun ki konprann yo nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Men, pi mal pase yo nanpwen.
There is a generation who seem to themselves to be free from sin, but are not washed from their unclean ways.
ἐκγονον κακὸν δίκαιον ἑαυτὸν κρίνει τὴν δὲ ἕξοδον αὐτοῦ οὐκ ἀπένιψεν
- 13 Gen yon lòt kalite moun ankò ki mete nan tèt yo yo pa kanmarad pesonn, wa pa kouzen yo.
There is a generation, O how full of pride are their eyes! O how their brows are lifted up!
ἐκγονον κακὸν ὑψηλοῦς ὀφθαλμοῦς ἔχει τοῖς δὲ βλεφάροις αὐτοῦ ἐπαίρεται
- 14 Gen yon lòt kalite moun, se bèt nan bwa yo ye. Pou yo viv, y'ap devore malere yo, y'ap pwofite sou pòn yo.
There is a generation whose teeth are like swords, their strong teeth like knives, for the destruction of the poor from the earth, and of those who are in need from among men.
ἐκγονον κακὸν μαχαίρας τοὺς ὀδόντας ἔχει καὶ τὰς μύλας τομίδας ὥστε ἀναλίσκειν καὶ κατεσθίειν τοὺς ταπεινοὺς ἀπὸ τῆς γῆς καὶ τοὺς πένητας αὐτῶν ἐξ ἀνθρώπων
- 15 ¶ Sansi gen de pitit fi: tou de gen menm non, yo rele: Ban mwen! Ban mwen! Gen twa bagay ki pa janm di ase. Sa m'ap di la a! Gen kat bagay ki pa janm di se kont.
The night-spirit has two daughters, Give, give. There are three things which are never full, even four which never say, Enough:
τῇ βδέλλῃ τρεῖς θυγατέρες ἦσαν ἀγαπήσει ἀγαπώμεναι καὶ αἱ τρεῖς αὐταὶ οὐκ ἐνεπιπλάσαν αὐτήν καὶ ἡ τετάρτη οὐκ ἠρκέσθη εἰπεῖν ἰκανόν
- 16 Men yo: Se peyi kote mò yo ye a, se fanm ki pa ka fè pitit, se tè a ki pa janm bwè kont dlo li, epi se dife. Bagay sa yo pa janm di ase.
The underworld, and the woman without a child; the earth which never has enough water, and the fire which never says, Enough.
ἄδης καὶ ἔρως γυναικὸς καὶ τάρταρος καὶ γῆ οὐκ ἐμπιπλαμένη ὕδατος καὶ ὕδωρ καὶ πῦρ οὐ μὴ εἴπωσιν ἀρκεῖ
- 17 Yon pitit ki pase papa l' nan betiz, ki pa respekte lòd manman l', chen gen pou devore kadav li nan raje, zwezo nan bwa va manje grenn je li.
The eye which makes sport of a father, and sees no value in a mother when she is old will be rooted out by the ravens of the valley, and be food for the young eagles.
ὀφθαλμὸν καταγελῶντα πατρός καὶ ἀτιμᾶζοντα γῆρας μητρός ἐκκόψαισαν αὐτὸν κόρακες ἐκ τῶν φαράγγων καὶ καταφάγοισαν αὐτὸν νεοσσοὶ ἀετῶν
- 18 ¶ Gen twa bagay mwen pa janm ka konprann. Sa m'ap di la a! Gen kat bagay konsa.
There are three things, the wonder of which overcomes me, even four things outside my knowledge:
τρία δὲ ἐστὶν ἀδύνατά μοι νοῆσαι καὶ τὸ τέταρτον οὐκ ἐπιγινώσκω
- 19 Men yo: Se jan malfini plane nan syèl la, se jan koulèn mache sou wòch, se jan bato kouri sou lanmè, se jan gason ak fanm rive fè lamou.
The way of an eagle in the air; the way of a snake on a rock; the way of a ship in the heart of the sea; and the way of a man with a girl.
ἴχνη ἀετοῦ πετομένου καὶ ὁδοῦς ὄφεως ἐπὶ πέτρας καὶ τρίβους νηὸς ποντοπορεύουσας καὶ ὁδοῦς ἀνδρὸς ἐν νεότητι
- 20 Men ki jan fanm k'ap twonpe mari yo fè: Lè yo fin fè sa y'ap fè a, yo benyen byen pwòp, epi yo di: Mwen pa fè anyen ki mal.
This is the way of a false wife; she takes food, and, cleaning her mouth, says, I have done no wrong.
τοιαύτη ὁδὸς γυναικὸς μοιχαλίδος ἢ ὅταν πράξῃ ἀπονιψαμένη οὐδὲν φησὶν πεπραχέναι ἄτοπον
- 21 Gen twa bagay ki fè latè tranble. Sa m'ap di la a! Gen kat bagay moun pa ka sipòte.
For three things the earth is moved, and there are four which it will not put up with:
διὰ τριῶν σειεῖται ἡ γῆ τὸ δὲ τέταρτον οὐ δύναται φέρειν
- 22 Men yo: Se yon esklav ki rive chèf, se yon moun sòt ki gen tou sa li bezwen,
A servant when he becomes a king; a man without sense when his wealth is increased;
ἐὰν οἰκέτης βασιλεύσῃ καὶ ἄφρων πλιθῇ σιτίων
- 23 se yon fanm ki pa t' janm jwenn moun renmen l' epi ki resi mare yon nòs, se yon sèvant ki pran plas metrès li.
A hated woman when she is married; and a servant-girl who takes the place of her master's wife.
καὶ οἰκέτις ἐὰν ἐκβάλλῃ τὴν ἑαυτῆς κυρίαν καὶ μισητὴ γυνὴ ἐὰν τύχῃ ἀνδρὸς ἀγαθοῦ

- 24 ¶ Gen kat ti bèt sou latè, gen lespri pase yo nanpwen:
There are four things which are little on the earth, but they are very wise:
τέσσαρα δέ ἐστιν ἐλάχιστα ἐπὶ τῆς γῆς ταῦτα δέ ἐστιν σοφώτερα τῶν σοφῶν
- 25 Se founi: yo tou fèb, men yo pase tout sezon chalè ap fè pwovizyon mete la.
The ants are a people not strong, but they put by a store of food in the summer;
οἱ μύρμηκες οἷς μὴ ἐστιν ἰσχύς καὶ ἐτοιμάζονται θέρους τὴν τροφήν
- 26 Se chat mawon: yo pa pi fò pase sa. Men, yo fè kay yo nan twou wòch.
The conies are only a feeble people, but they make their houses in the rocks;
καὶ οἱ χοιρογρύλλιοι ἔθνος οὐκ ἰσχυρόν οἱ ἐποιήσαντο ἐν πέτραις τοὺς ἑαυτῶν οἴκους
- 27 Se krikèt vèt: yo pa gen chèf, men yo mache pa bann.
The locusts have no king, but they all go out in bands;
ἀβασιλευτόν ἐστιν ἡ ἀκρίς καὶ ἐκστρατεύει ἀφ' ἐνὸς κελεύσματος εὐτάκτως
- 28 Se zandolit: ou ka pran yo nan men ou. Men, ou jwenn yo nan palè wa yo.
You may take the lizard in your hands, but it is in kings' houses.
καὶ καλαβότης χερσὶν ῥειδόμενος καὶ εὐάλωτος ὧν κατοικεῖ ἐν ὄχυρώμασιν βασιλέως
- 29 ¶ Gen twa bagay ki bèl lè y'ap mache. Sa m'ap di la a! Gen kat bagay ki gen bèl demach:
There are three things whose steps are good to see, even four whose goings are fair:
τρία δέ ἐστιν ἃ εὐδόως πορεύεται καὶ τὸ τέταρτον ὃ καλῶς διαβαίνει
- 30 Se lyon, se li ki pi fò nan tout zannimo, li pa pè yo yonn.
The lion, which is strongest among beasts, not turning from his way for any;
σκύμνος λέοντος ἰσχυρότερος κτηνῶν ὃς οὐκ ἀποστρέφεται οὐδὲ καταπήσει κτήνος
- 31 Se bouk kabrit. Se chwal sele bride. Se wa lè y'ap mache devan lame yo.
The war-horse, and the he-goat, and the king when his army is with him.
καὶ ἀλέκτωρ ἐμπεριπατῶν θηλείαις εὐψυχος καὶ τράγος ἠγούμενος αἰπολίου καὶ βασιλεὺς δημηγορῶν ἐν ἔθνει
- 32 Si ou te sòt jouk pou ou te rive fè grandizè, kalkile sou sa ou fè a: Pe bouch ou!
If you have done foolishly in lifting yourself up, or if you have had evil designs, put your hand over your mouth.
ἐὰν πρόη σεαυτὸν εἰς εὐφοροσύνην καὶ ἐκτείνης τὴν χεῖρά σου μετὰ μάχης ἀτιμασθήση
- 33 Si ou bat lèt, l'ap fè bè. Si ou frape yon moun sou men l', l'ap senyen. Si ou nan pouse dife, ou nan gwo kont.
The shaking of milk makes butter, and the twisting of the nose makes blood come: so the forcing of wrath is a cause of fighting.
ἄμελγε γάλα καὶ ἔσται βούτυρον ἐὰν δὲ ἐκπιέξης μυκτῆρας ἐξελεύσεται αἷμα ἐὰν δὲ ἐξέλκης λόγους ἐξελεύσονται κρίσεις καὶ μάχαι
- 1 ¶ Men Pawòl wa Lemwèl, men konsèy manman l' te ba li:
The words of Lemuel, king of Massa: the teaching which he had from his mother.
οἱ ἔμοι λόγοι εἶρηγται ὑπὸ θεοῦ βασιλέως χρηματισμός ὃν ἐπαίδευσεν ἡ μήτηρ αὐτοῦ
- 2 Kisa pou m' di ou, pitit mwen, pitit ki soti nan zantray mwen? Se mwen ki te mande Bondye pou l' ban mwen ou. Kisa pou m' di ou?
What am I to say to you, O Lemuel, my oldest son? and what, O son of my body? and what, O son of my oaths?
τί τέκνον τηρήσεις τί ῥήσεις θεοῦ πρωτογενές σοι λέγω υἱέ τί τέκνον ἐμῆς κοιλίας τί τέκνον ἐμῶν εὐχῶν
- 3 Pa gaspiye kouray ou nan fanm. Veye zo ou ak fanm k'ap fè malè chèf yo.
Do not give your strength to women, or your ways to that which is the destruction of kings.
μὴ δῶς γυναίξει σὸν πλοῦτον καὶ τὸν σὸν νοῦν καὶ βίον εἰς ὑστεροβουλίαν
- 4 Lemwèl monchè, yon wa pa fèt pou nan bwè bweson. Chèf pa fèt pou nan bwè gwòg.
It is not for kings, O Lemuel, it is not for kings to take wine, or for rulers to say, Where is strong drink?
μετὰ βουλῆς πάντα ποιεῖ μετὰ βουλῆς οἰνοπότει οἱ δυνάσται θυμώδεις εἰσὶν οἶνον δὲ μὴ πινέτωσαν

- 5 Lè yo bwè konsa, yo bliye lòd yo te bay. Yo p'ap pran ka malere yo.
For fear that through drinking they may come to have no respect for the law, wrongly judging the cause of those who are in trouble.
ἵνα μὴ πίνοντες ἐπιλάβωσθαι τῆς σοφίας καὶ ὀρθῶς κρίναι οὐ μὴ δύνωνται τοὺς ἀσθενεῖς
- 6 Se moun ki dekouraje ak lavi ki tonbe nan gwòg. Se moun ki gen gwo lapenn nan kè yo ki lage kò yo nan bweson.
Give strong drink to him who is near to destruction, and wine to him whose soul is bitter:
δίδοτε μέθην τοῖς ἐν λύπαις καὶ οἶνον πίνειν τοῖς ἐν ὀδύναις
- 7 Yo bwè pou yo bliye mizè yo, pou yo pa chonje lapenn yo.
Let him have drink, and his need will go from his mind, and the memory of his trouble will be gone.
ἵνα ἐπιλάβωσθαι τῆς πενίας καὶ τῶν πόνων μὴ μνησθῶσιν ἔτι
- 8 Louvri bouch ou pale pou moun ki pa ka pale pou tèt yo. Defann kòz moun ki san sekou yo.
Let your mouth be open for those who have no voice, in the cause of those who are ready for death.
ἀνοιγε σὸν στόμα λόγῳ θεοῦ καὶ κρίνε πάντας ὑγιῶς
- 9 Pale pou yo. Pa fè patipri. Defann kòz malere yo ak endijan yo.
Let your mouth be open, judging rightly, and give right decisions in the cause of the poor and those in need.
ἀνοιγε σὸν στόμα καὶ κρίνε δικαίως διάκρινε δὲ πάντα καὶ ἀσθενῆ
- 10 ¶ Sa pa fasil pou moun jwenn yon bon madanm. Lè li jwenn li, li gen plis valè pase yon boul lò.
Who may make discovery of a woman of virtue? For her price is much higher than jewels.
γυναῖκα ἀνδρείαν τίς εὐρήσει τιμιωτέρα δὲ ἐστὶν λίθων πολυτελῶν ἢ τοιαύτη
- 11 Mari l' mete tout konfyans li nan li. Tout bagay ap mache byen lakay li.
The heart of her husband has faith in her, and he will have profit in full measure.
θαρσεῖ ἐπ' αὐτῇ ἡ καρδία τοῦ ἀνδρὸς αὐτῆς ἡ τοιαύτη καλῶν σκύλων οὐκ ἀπορήσει
- 12 Madanm lan p'ap janm aji mal ak mari l', l'ap pase tout lavi l' ap fè l' byen.
She does him good and not evil all the days of her life.
ἐνεργεῖ γὰρ τῷ ἀνδρὶ ἀγαθὰ πάντα τὸν βίον
- 13 Li chache lenn mouton ak fil swa, li travay yo fè twal ak men l'.
She gets wool and linen, working at the business of her hands.
μηρυομένη ἔρια καὶ λίνον ἐποίησεν εὐχρηστον ταῖς χερσὶν αὐτῆς
- 14 Tankou bato k'ap pote machandiz, li al byen lwen chache manje mete nan kay la.
She is like the trading-ships, getting food from far away.
ἐγένετο ὡσεὶ ναῦς ἐμπορευομένη μακρόθεν συνάγει δὲ αὐτὴ τὸν βίον
- 15 Solèy pòko leve, li gen tan sou pye l', l'ap pare manje pou moun nan kay la. L'ap di sèvant yo sa pou yo fè.
She gets up while it is still night, and gives meat to her family, and their food to her servant-girls.
καὶ ἀνίσταται ἐκ νυκτῶν καὶ ἔδωκεν βρώματα τῷ οἴκῳ καὶ ἔργα ταῖς θεραπαινίδας
- 16 Li fè lide sou yon tè, li achte l' ak lajan li fè ak men l'. Li fè jaden rezen sou li.
After looking at a field with care, she gets it for a price, planting a vine-garden with the profit of her work.
- 13 Gade travay Bondye! Ki moun ki ka drese sa Bondye kwochi?
Give thought to the work of God. Who will make straight what he has made bent?
ιδὲ τὰ ποιήματα τοῦ θεοῦ ὅτι τίς δύνησεται τοῦ κοσμήσαι ὃν ἂν ὁ θεὸς διαστρέψῃ αὐτόν
- 14 Lè bagay ap mache byen pou ou, fè kè ou kontan. Lè malè tonbe sou ou, chonje ni yonn ni lòt se nan Bondye sa soti. Konsa, yon moun pa janm konnen sa k'ap vin apre l'.
In the day of wealth have joy, but in the day of evil take thought: God has put the one against the other, so that man may not be certain what will be after him.
ἐν ἡμέρᾳ ἀγαθωσύνης ζῆθι ἐν ἀγαθῷ καὶ ἐν ἡμέρᾳ κακίας ιδέ καὶ γε σὺν τούτῳ σύμφωνον τούτῳ ἐποίησεν ὁ θεὸς περὶ λαλιᾶς ἵνα μὴ εὕρῃ ὁ ἄνθρωπος ὅπισω αὐτοῦ μηδὲν
- 15 Lavi n' sou latè pa vo anyen, se vre! Men mwen wè tout kalite bagay: Mwen wè moun debyen, atout yo mache dwat la, mouri mouri yo. Mwen wè mechan yo menm ap viv lontan pou fè mechanste.
These two have I seen in my life which is to no purpose: a good man coming to his end in his righteousness, and an evil man whose days are long in his evil-doing.
σὺν τὰ πάντα εἶδον ἐν ἡμέραις ματαιότητός μου ἔστιν δίκαιος ἀπολλύμενος ἐν δικαίῳ αὐτοῦ καὶ ἔστιν ἀσεβῆς μένων ἐν κακίᾳ αὐτοῦ
- 16 Pa chache twò bon, ni gen twòp lespri. Sa ou bezwen touye tèt ou fè?
Be not given overmuch to righteousness and be not over-wise. Why let destruction come on you?
μὴ γίνου δίκαιος πολὺ καὶ μὴ σοφίζου περισσά μήποτε ἐκπλαγῆς
- 17 Men, pa twò mechan ni pa twò sòt. Poukisa pou ou ta mouri anvan lè ou?
Be not evil overmuch, and be not foolish. Why come to your end before your time?
μὴ ἀσεβήσης πολὺ καὶ μὴ γίνου σκληρὸς ἵνα μὴ ἀποθάνῃς ἐν οὐ καιρῷ σου

- 18 Evite fè eksè ni nan yon sans ni nan yon lòt. Si ou gen krentif pou Bondye, ou p'ap tonbe nan fè eksè.
It is good to take this in your hand and not to keep your hand from that; he who has the fear of God will be free of the two.
ἀγαθὸν τὸ ἀντέχεσθαι σε ἐν τούτῳ καὶ γε ἀπὸ τούτου μὴ ἀνῆς τὴν χεῖρά σου ὅτι φοβούμενος τὸν θεὸν ἐξελεύσεται τὰ πάντα
- 19 Sa konesans fè pou yon moun, dis grannèg pa ka fè l' pou yon lavil.
Wisdom makes a wise man stronger than ten rulers in a town.
ἡ σοφία βοηθήσει τῷ σοφῷ ὑπὲρ δέκα ἐξουσιάζοντας τοὺς ὄντας ἐν τῇ πόλει
- 20 Pa gen moun k'ap mache dwat sou latè ki ka di tou sa l'ap fè byen, li pa janm fè sa ki mal.
There is no man on earth of such righteousness that he does good and is free from sin all his days.
ὅτι ἄνθρωπος οὐκ ἔστιν δίκαιος ἐν τῇ γῆ ὃς ποιήσει ἀγαθὸν καὶ οὐχ ἁμαρτήσεται
- 21 Pa koute tou sa moun ap di. Konsa ou p'ap tande lè domestik ou ap pale ou mal.
Do not give ear to all the words which men say, for fear of hearing the curses of your servant.
καὶ γε εἰς πάντας τοὺς λόγους οὗς λαλήσουσιν μὴ θῆς καρδίαν σου ὅπως μὴ ἀκούσης τοῦ δούλου σου καταρωμένου σε
- 22 Paske ou menm tou, nan kè ou, ou konnen konbe fwa ou pale moun mal.
Your heart has knowledge how frequently others have been cursed by you.
ὅτι πλειστάκις πονηρεῦσεται σε καὶ καθόδους πολλὰς κακώσει καρδίαν σου ὅπως καὶ γε σὺ καταράσω ἑτέρους
- 23 ¶ Mwen sèvi avèk bon konprann mwen pou m' fè tout esperyans sa yo nan lavi. Mwen di mwen ta renmen gen bon konprann. Men, mwen pa t' janm rive genyen l'.
All this I have put to the test by wisdom; I said, I will be wise, but it was far from me.
πάντα ταῦτα ἐπέειρασα ἐν τῇ σοφίᾳ εἶπα σοφισθήσομαι
- 24 Lavi se yon mistè. Li tankou yon twou san fon. Ki moun ki ka rive konprann li?
Far off is true existence, and very deep; who may have knowledge of it?
καὶ αὐτὴ ἔμακρυνθη ἀπ' ἐμοῦ μακρὰν ὑπὲρ ὃ ἦν καὶ βαθὺν βάθος τίς εὕρησει αὐτό
- 25 Men, mwen pran san m' pou m' chache konnen, pou m' egzaminen tout bagay. Mwen te soti pou m' te konprann, pou m' te jwenn repons pou tout keksyon mwen t'ap poze tèt mwen, pou m' te rive konnen jan moun mechan yo pèdi tèt yo, jan moun sòt yo egare.
I gave my mind to knowledge and to searching for wisdom and the reason of things, and to the discovery that sin is foolish, and that to be foolish is to be without one's senses.
ἐκύκλωσα ἐγὼ καὶ ἡ καρδία μου τοῦ γνῶναι καὶ τοῦ κατασκεύασθαι καὶ ζητῆσαι σοφίαν καὶ ψῆφον καὶ τοῦ γνῶναι ἀσεβοῦς ἀφροσύνην καὶ σκληρίαν καὶ περιφοράν
- 26 Mwen jwenn yon bagay ki pi rèd pase lanmò. Se fanm. Lè yo di yo renmen ou, se pèlen yo pare pou ou. Lè yo pase bra yo nan kou ou, se chenn yo pase nan kou ou. Yon moun ki fè Bondye plezi va chape anba men yo. Men, moun k'ap fè sa ki mal ap tonbe anba grif yo.
And I saw a thing more bitter than death, even the woman whose heart is full of tricks and nets, and whose hands are as bands. He with whom God is pleased will get free from her, but the sinner will be taken by her.
καὶ εὕρισκω ἐγὼ πικρότερον ὑπὲρ θάνατον σὺν τὴν γυναῖκα ἣτις ἔστιν θηρεύματα καὶ σαγήνη καρδία αὐτῆς δεσμοὶ χεῖρες αὐτῆς ἀγαθὸς πρὸ προσώπου τοῦ θεοῦ ἐξαίρεθήσεται ἀπ' αὐτῆς καὶ ἁμαρτ ἄνων συλλημφθήσεται ἐν αὐτῇ
- 27 Wi, men sa mwen menm filozòf la, mwen di: Antan m'ap chache konprann, lè mwen mete tou sa m' konnen yonn sou lòt, bout pou bout men sa mwen rive jwenn.
Look! this I have seen, said the Preacher, taking one thing after another to get the true account,
ιδὲ τοῦτο εὗρον εἶπεν ὁ ἐκκλησιαστὴς μία τῇ μιᾷ τοῦ εὕρεῖν λογισμὸν
- 28 M'ap chache yon lòt espplikasyon. Men mwen pa jwenn li. Sou mil gason mwen kontre, se yon sèl mwen jwenn ki gen konprann. Men pou fanm, mwen pa jwenn yonn menm.
For which my soul is still searching, but I have it not; one man among a thousand have I seen; but a woman among all these I have not seen.
ὄν ἔτι ἐζήτησεν ἡ ψυχὴ μου καὶ οὐχ εὗρον ἄνθρωπον ἓνα ἀπὸ χιλίων εὗρον καὶ γυναῖκα ἐν πᾶσι τούτοις οὐχ εὗρον
- 29 Men sa ase mwen jwenn: Bondye kreye moun pou yo viv san pwoblèm, li mete yon chemen tou dwat devan yo, men se yo menm ki chache traka bay tèt yo.
This only have I seen, that God made men upright, but they have been searching out all sorts of inventions.
πλὴν ιδὲ τοῦτο εὗρον ὃ ἐποίησεν ὁ θεὸς σὺν τὸν ἄνθρωπον εὐθὴ καὶ αὐτοὶ ἐζήτησαν λογισμοὺς πολλοὺς
- 1 ¶ Se moun ki gen bon konprann ki konnen jan pou l' bay espplikasyon. Lè yon moun gen bon konprann, sa fè kè l' kontan, tout pli nan fwon l' disparèt.
Who is like the wise man? and to whom is the sense of anything clear? A man's wisdom makes his face shining, and his hard face will be changed.
τίς οἶδεν σοφοὺς καὶ τίς οἶδεν λύσιν ῥήματος σοφία ἀνθρώπου φωτιεῖ πρόσωπον αὐτοῦ καὶ ἀναιδὴς πρόσωπῳ αὐτοῦ μισηθήσεται

- 2 Se pou ou fè sa wa a bay lòd fè a, poutèt sèman ou te fè devan Bondye a.
I say to you, Keep the king's law, from respect for the oath of God.
στόμα βασιλέως φύλαξον καὶ περὶ λόγου ὄρκου θεοῦ μὴ σπουδάσῃς
- 3 Pa prese wete kò ou devan li, pa pèsiste nan move pant lan, paske li ka fè ou sa li vle.
Be not quick to go from before him. Be not fixed in an evil design, because he does whatever is pleasing to him.
ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ πορεύσῃ μὴ στήῃς ἐν λόγῳ πονηρῷ ὅτι πᾶν ὃ ἐὰν θελήσῃ ποιήσῃ
- 4 Lè wa a pale, se fini. Pa gen moun ki pou mande l' poukisa l'ap fè sa l'ap fè a.
The word of a king has authority; and who may say to him, What is this you are doing?
καθὼς λαλεῖ βασιλεὺς ἐξουσιάζων καὶ τίς ἐρεῖ αὐτῷ τί ποιήσεις
- 5 Moun ki fè sa yo ba li lòd fè a pa nan pwoblèm. Yo p'ap fè l' anyen. Yon nonm ki gen bon konprann konnen ki jan ak kilè pou l' fè sa li gen pou l' fè a.
Whoever keeps the law will come to no evil: and a wise man's heart has knowledge of time and of decision.
ὁ φυλάσων ἐντολὴν οὐ γνώσεται ῥῆμα πονηρὸν καὶ καιρὸν κρίσεως γινώσκει καρδία σοφοῦ
- 6 ¶ Chak bagay gen jan pou yo fè l' ak lè pou yo fè l'. Se la tout tèt chaje a ye.
For every purpose there is a time and a decision, because the sorrow of man is great in him.
ὅτι παντὶ πράγματι ἔστιν καιρὸς καὶ κρίσις ὅτι γνώσις τοῦ ἀνθρώπου πολλὴ ἐπ' αὐτόν
- 7 Pesonn pa konnen sa ki pral rive. Epi pa gen pesonn ki ka di nou sa ki pral rive.
No one is certain what is to be, and who is able to say to him when it will be?
ὅτι οὐκ ἔστιν γινώσκων τί τὸ ἐσόμενον ὅτι καθὼς ἔσται τίς ἀναγγελεῖ αὐτῷ
- 8 Pesonn pa mèt lavi l'. Lè jou a rive pou l' mouri, fòk li mouri. Pesonn pa ka ranwaye jou lanmò li. Nou pa ka kouri pou batay sa a. Ata mechanste mechan yo pa ka sove yo.
No man has authority over the wind, to keep the wind; or is ruler over the day of his death. In war no man's time is free, and evil will not keep the sinner safe.
οὐκ ἔστιν ἀνθρώπος ἐξουσιάζων ἐν πνεύματι τοῦ κωλυσαί σὺν τῷ πνεύματι καὶ οὐκ ἔστιν ἐξουσία ἐν ἡμέρᾳ τοῦ θανάτου καὶ οὐκ ἔστιν ἀποστολὴ ἐν τῷ πολέμῳ καὶ οὐ διασώσει ἀσέβεια τὸν παρ' αὐτῆς
- 9 ¶ Mwen wè tou sa, lè m' t'ap kalkile sou sa k'ap pase sou latè. Moun ap dominen sou moun pou fè yo soufri.
All this have I seen, and have given my heart to all the work which is done under the sun: there is a time when man has power over man for his destruction.
καὶ σὺν πᾶν τούτῳ εἶδον καὶ ἔδωκα τὴν καρδίαν μου εἰς πᾶν ποίημα ὃ πεποιήται ὑπὸ τὸν ἥλιον τὰ ὅσα ἐξουσιάσατο ὁ ἀνθρώπος ἐν ἀνθρώπῳ τοῦ κακῶσαι αὐτόν
- 10 Wi. Mwen wè yo antere mechan yo, yo kouche kadav yo anba tè. Mwen wè moun ki mache dwat yo pa menm jwenn kote pou moun antere yo. Tout moun nan lavil la bliye sa yo te fè. Tou sa ankò pa vo anyen, sa p'ap sèvi anyen.
And then I saw evil men put to rest, taken even from the holy place; and they went about and were praised in the town because of what they had done. This again is to no purpose.
καὶ τότε εἶδον ἀσεβεῖς εἰς τάφους εἰσαχθέντας καὶ ἐκ τόπου ἁγίου ἐπορεύθησαν καὶ ἐπηνέθησαν ἐν τῇ πόλει ὅτι οὕτως ἐποίησαν καὶ γε τοῦτο ματαιότης
- 11 Se paske yo pran twòp tan pou yo pini moun ki fè mal yo ki fè moun toujou anvi fè sa ki mal.
Because punishment for an evil work comes not quickly, the minds of the sons of men are fully given to doing evil.
ὅτι οὐκ ἔστιν γινομένη ἀντίρρησης ἀπὸ τῶν ποιοῦντων τὸ πονηρὸν ταχύ διὰ τοῦτο ἐπληροφορήθη καρδία υἱῶν τοῦ ἀνθρώπου ἐν αὐτοῖς τοῦ ποιῆσαι τὸ πονηρὸν
- 12 Yon moun k'ap fè sa ki mal gen dwa fè san (100) krim, yonn sou lòt, epi l'ap toujou mache sou moun. Men, mwen konnen yo di tou: Si ou gen krentif pou Bondye, w'ap viv ak kè kontan, paske ou respekte Bondye.
Though a sinner does evil a hundred times and his life is long, I am certain that it will be well for those who go in fear of God and are in fear before him.
ὃς ἤμαρτεν ἐποίησεν τὸ πονηρὸν ἀπὸ τότε καὶ ἀπὸ μακρότητος αὐτῷ ὅτι καὶ γε γινώσκω ἐγὼ ὅτι ἔσται ἀγαθὸν τοῖς φοβουμένοις τὸν θεὸν ὅπως φοβῶνται ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ
- 13 Men se pa menm bagay la pou mechan an. L'ap malere, lavi li tankou yon lonbraj. L'ap mouri bonè, paske li pa gen krentif pou Bondye.
But it will not be well for the evil-doer; he will not make his days long like a shade, because he has no fear before God.
καὶ ἀγαθὸν οὐκ ἔσται τῷ ἀσεβεῖ καὶ οὐ μακρυνεῖ ἡμέρας ἐν σκιᾷ ὃς οὐκ ἔστιν φοβούμενος ἀπὸ προσώπου τοῦ θεοῦ
- 14 ¶ Men tou sa se pawòl anlè. Gade sa k'ap pase sou latè: Gen moun ki mache dwat ki resevwa pinisyon mechan yo. Gen mechan ki resevwa rekonpans moun ki mache dwat yo. Mwen di tou sa pa vo anyen.
There is a thing which is to no purpose done on the earth: that there are good men to whom is given the same punishment as those who are evil, and there are evil men who get the reward of the good. I say that this again is to no purpose.
ἔστιν ματαιότης ἢ πεποιήται ἐπὶ τῆς γῆς ὅτι εἰσὶ δίκαιοι ὅτι φθάνει πρὸς αὐτοὺς ὡς ποίημα τῶν ἀσεβῶν καὶ εἰσὶν ἀσεβεῖς ὅτι φθάνει πρὸς αὐτοὺς ὡς ποίημα τῶν δικαίων εἶπα ὅτι καὶ γε τοῦτο ματαιότης

- 15 Se konsa mwen mache di se pou tout moun jwi lavi yo, paske sèl plezi yon nonm gen nan lavi a se manje, se bwè, se pran plezi. Se sa ase li ka fè pandan l'ap travay di nan lavi Bondye ba l' pou l' viv sou latè a.
So I gave praise to joy, because there is nothing better for a man to do under the sun than to take meat and drink and be happy; for that will be with him in his work all the days of his life which God gives him under the sun.
 και ἐπήνεσα ἐγὼ σὺν τὴν εὐφροσύνην ὅτι οὐκ ἔστιν ἀγαθὸν τῷ ἀνθρώπῳ ὑπὸ τὸν ἥλιον ὅτι εἰ μὴ τοῦ φαγεῖν καὶ τοῦ πιεῖν καὶ τοῦ εὐφρανθῆναι καὶ αὐτὸ συμπροσέσται αὐτῷ ἐν μόθῳ αὐτοῦ ἡμέρας ζοῆς αὐτοῦ ὅσας ἔδωκεν αὐτῷ ὁ θεὸς ὑπὸ τὸν ἥλιον
- 16 Chak fwa mwen pran desizyon pou m' chache konprann, chak fwa mwen pran kalkile sa k'ap pase sou latè, mwen wè ou te mèt pa janm dòmi lajounen kou lannwit,
When I gave my mind to the knowledge of wisdom and to seeing the business which is done on the earth (and there are those whose eyes see not sleep by day or by night),
 ἐν οἷς ἔδωκα τὴν καρδίαν μου τοῦ γνῶναι σοφίαν καὶ τοῦ ἰδεῖν τὸν περισπασμὸν τὸν πεποιημένον ἐπὶ τῆς γῆς ὅτι καὶ γε ἐν ἡμέρᾳ καὶ ἐν νυκτὶ ὕπνον ἐν ὀφθαλμοῖς αὐτοῦ οὐκ ἔστιν βλέπων
- 17 ou p'ap janm ka konprann travay Bondye sou latè. Ou mèt fè sa ou vle, ou p'ap janm ka rive jwenn sa w'ap chache a. Moun ki gen bon konprann kwè yo konnen. Men yo pa konnen plis pase yon lòt.
Then I saw all the work of God, and that man may not get knowledge of the work which is done under the sun; because, if a man gives hard work to the search he will not get knowledge, and even if the wise man seems to be coming to the end of his search, still he will be without knowledge.
 και εἶδον σὺν πάντα τὰ ποιήματα τοῦ θεοῦ ὅτι οὐ δυνήσεται ἄνθρωπος τοῦ εὑρεῖν σὺν τῷ ποιήματι τὸ πεποιημένον ὑπὸ τὸν ἥλιον ὅσα ἂν μοχθήσῃ ὁ ἄνθρωπος τοῦ ζητήσαι καὶ οὐχ εὐρήσει καὶ γε ὅσα ἂν εἴπῃ ὁ σοφὸς τοῦ γνῶναι οὐ δυνήσεται τοῦ εὑρεῖν
- 1 ¶ Mwen kalkile anpil sou bagay sa yo. Mwen repase bagay sa yo byen repase nan tèt mwen. Mwen wè se Bondye k'ap dirije lavi tout moun, ni moun ki gen bon konprann, ni moun ki mache dwat yo. Li kontwole tou sa y'ap fè, kit yo renmen, kit yo rayi. Pesonn pa konn anyen sou sa k'ap tann yo pi devan.
All this I took to heart, and my heart saw it all: that the upright and the wise and their works are in the hand of God; and men may not be certain if it will be love or hate; all is to no purpose before them.
 ὅτι σὺν πᾶν τοῦτο ἔδωκα εἰς καρδίαν μου καὶ καρδία μου σὺν πᾶν εἶδεν τοῦτο ὡς οἱ δίκαιοι καὶ οἱ σοφοὶ καὶ ἐργασίαι αὐτῶν ἐν χειρὶ τοῦ θεοῦ καὶ γε ἀγάπην καὶ γε μῖσος οὐκ ἔστιν εἰδὼς ὁ ἄνθρωπος τὰ πάντα πρὸ προσώπου αὐτῶν
- 2 Se menm sò a ki gen pou rive tout moun, ni mehan an, ni moun ki mache dwat la, bon an kou move a, moun ki kenbe pye Bondye a kou moun ki pa kenbe pye Bondye a, moun ki ofri bèt pou touye pou Bondye kou moun ki pa ofri bèt pou Bondye. Konsa, yon moun debyen pa pi bon pase moun k'ap fè sa ki mal la. Moun ki fè sèman pa pi mal pase moun ki pè fè sèman.
Because to all there is one event, to the upright man and to the evil, to the clean and to the unclean, to him who makes an offering and to him who makes no offering; as is the good so is the sinner; he who takes an oath is as he who has fear of it.
 ματαιότης ἐν τοῖς πᾶσιν συνάντημα ἐν τῷ δικαίῳ καὶ τῷ ἀσεβεῖ τῷ ἀγαθῷ καὶ τῷ κακῷ καὶ τῷ καθαρῷ καὶ τῷ ἀκαθάρτῳ καὶ τῷ θυσιάζοντι καὶ τῷ μὴ θυσιάζοντι ὡς ὁ ἀγαθὸς ὡς ὁ ἁμαρτάνων ὡς ὁ ὀμνύων καθὼς ὁ τὸν ὄρκον φοβούμενος
- 3 Se menm sò a pou tout moun. Sa tou, tankou tout lòt bagay ki rive sou latè, se yon malè. Se konsa, moun pase tout lavi yo ak mehanste nan kè yo, y'ap kite lide moun fou travay nan tèt yo, epi yo rete konsa yo mouri.
This is evil in all things which are done under the sun: that there is one fate for all, and the hearts of the sons of men are full of evil; while they have life their hearts are foolish, and after that--to the dead.
 τοῦτο πονηρὸν ἐν παντὶ πεποιημένῳ ὑπὸ τὸν ἥλιον ὅτι συνάντημα ἐν τοῖς πᾶσιν καὶ γε καρδία υἱῶν τοῦ ἀνθρώπου ἐπληρώθη πονηροῦ καὶ περιφέρεια ἐν καρδίᾳ αὐτῶν ἐν ζωῇ αὐτῶν καὶ ὀπίσω αὐτῶν πρὸς τοὺς νεκροὺς
- 4 ¶ Men, toutotan yon moun vivan toujou gen espwa pou li. Yon chen vivan miyò pase yon lyon mouri.
For him who is joined to all the living there is hope; a living dog is better than a dead lion.
 ὅτι τίς ὅς κοινωνεῖ πρὸς πάντας τοὺς ζῶντας ἔστιν ἐλπίς ὅτι ὁ κύων ὁ ζῶν αὐτὸς ἀγαθὸς ὑπὲρ τὸν λέοντα τὸν νεκρόν
- 5 Wi. Moun vivan yo konnen yo gen pou yo mouri. Men moun mouri yo pa konn anyen. Yo pa bezwen tann anyen ankò pou sa yo fè. Talè konsa tout moun bliye yo.
The living are conscious that death will come to them, but the dead are not conscious of anything, and they no longer have a reward, because there is no memory of them.
 ὅτι οἱ ζῶντες γινώσκονται ὅτι ἀποθανοῦνται καὶ οἱ νεκροὶ οὐκ εἰσιν γινώσκοντες οὐδὲν καὶ οὐκ ἔστιν αὐτοῖς ἔτι μισθός ὅτι ἐπελήσθη ἡ μνήμη αὐτῶν
- 6 Tout santiman yo te gen nan kè yo pou moun yo te renmen, pou moun yo te rayi, pou bagay yo te anvè, tou sa disparèt avèk yo. Yo p'ap janm patisipe nan anyen k'ap fèt sou latè ankò.
Their love and their hate and their envy are now ended; and they have no longer a part for ever in anything which is done under the sun.
 και γε ἀγάπη αὐτῶν και γε μῖσος αὐτῶν και γε ζῆλος αὐτῶν ἤδη ἀπόλετο και μερίς οὐκ ἔστιν αὐτοῖς ἔτι εἰς αἰῶνα ἐν παντὶ τῷ πεποιημένῳ ὑπὸ τὸν ἥλιον
- 7 Ale non, monchè, manje manje ou ak kè kontan, bwè diven ou san kè sote. Bondye deja dakò ak tou sa w'ap fè.
Come, take your bread with joy, and your wine with a glad heart. God has taken pleasure in your works.
 δεῦρο φάγε ἐν εὐφροσύνῃ ἄρτον σου καὶ πίε ἐν καρδίᾳ ἀγαθῇ οἶνόν σου ὅτι ἤδη εὐδόκησεν ὁ θεὸς τὰ ποιήματά σου

- 8 Se pou rad anwo ou toujou byen pwòp, tèt ou toujou byen penyen ak lwil santi bon.
Let your clothing be white at all times, and let not your head be without oil.
 ἐν παντί καιρῷ ἔστωσαν ἱμάτιά σου λευκά καὶ ἔλαιον ἐπὶ κεφαλὴν σου μὴ ὑστερησάτω
- 9 Jwi lavi avèk fanm ou renmen an, pandan tout jou w'ap viv lavi ki pa vo anyen an, lavi Bondye ba ou pou viv sou latè a. Jwi tout jou sa yo ki yonn pa vo lòt, paske se sèlman sa ki pou ou nan lavi a, apre tout traka ou bay tèt ou pou fè travay ou sou latè.
Have joy with the woman of your love all the days of your foolish life which he gives you under the sun. Because that is your part in life and in your work which you do under the sun.
 ἰδὲ ζωὴν μετὰ γυναικὸς ἧς ἠγάπησας πάσας ἡμέρας ζωῆς ματαιότητός σου τὰς δοθεῖσας σοι ὑπὸ τὸν ἥλιον πάσας ἡμέρας ματαιότητός σου ὅτι αὐτὸ μέρος σου ἐν τῇ ζωῇ σου καὶ ἐν τῷ μόχθῳ σου ὃ σὺ μοχθεῖς ὑπὸ τὸν ἥλιον
- 10 Tou sa ou jwenn pou ou fè, fè l' ak tout fòs ou. Paske, kote ou prale a, nan peyi kote mò yo ye a, nanpwen travay pou ou fè, pa gen lide ki pou mache nan tèt ou, pa gen konesans, pa gen bon konprann.
Whatever comes to your hand to do with all your power, do it because there is no work, or thought, or knowledge, or wisdom in the place of the dead to which you are going.
 πάντα ὅσα ἂν εὗρη ἡ χεὶρ σου τοῦ ποιῆσαι ὡς ἡ δυνάμις σου ποιήσον ὅτι οὐκ ἔστιν ποίημα καὶ λογισμὸς καὶ γνώσις καὶ σοφία ἐν ᾗδῃ ὅπου σὺ πορεύῃ ἐκεῖ
- 11 ¶ Yon lòt bagay mwen wè ankò sou latè, se pa toujou moun ki konn kouri ki genyen nan kous, se pa toujou vanyan gason ki genyen nan lagè. Yon moun ki gen konprann pa toujou gen manje pou l' manje, yon moun ki gen lespri pa toujou gen anpil byen. Moun ki gen kapasite pa toujou jwenn gwo pozisyon. Chans ak malchans la pou tout moun.
And again I saw under the sun that the reward goes not to him who is quick, or the fruits of war to the strong; and there is no bread for the wise, or wealth for men of learning, or respect for those who have knowledge; but time and chance come to all.
 ἐπέστρεψα καὶ εἶδον ὑπὸ τὸν ἥλιον ὅτι οὐ τοῖς κούφοις ὁ δρόμος καὶ οὐ τοῖς δυνατοῖς ὁ πόλεμος καὶ γε οὐ τοῖς σοφοῖς ἄρτος καὶ γε οὐ τοῖς συνετοῖς πλοῦτος καὶ γε οὐ τοῖς γινώσκουσιν χάρις ὅτι καιρὸς καὶ ἀπάντημα συναντῆσεται τοῖς πᾶσιν αὐτοῖς
- 12 Moun pa konnen lè lè yo ap rive. Tankou pwason ki pran nan senn, tankou zwezo ki pran nan pèlen, se konsa moun pran tou lè yon malè sèk tonbe sou yo.
Even man has no knowledge of his time; like fishes taken in an evil net, or like birds taken by deceit, are the sons of men taken in an evil time when it comes suddenly on them.
 ὅτι καὶ γε οὐκ ἔγνω ὁ ἄνθρωπος τὸν καιρὸν αὐτοῦ ὡς οἱ ἰχθυεὶς οἱ θηρεύμενοι ἐν ἀμφιβλήστρω κακῷ καὶ ὡς ὄρνεα τὰ θηρεύμενα ἐν παγίδι ὡς αὐτὰ παγιδεύονται οἱ υἱοὶ τοῦ ἀνθρώπου εἰς καιρὸν πονηρόν ὅταν ἐπιπέσῃ ἐπ' αὐτοὺς ἄφνω
- 13 ¶ Men yon lòt bagay mwen te wè ankò: Se yon bèl egzanp ki moutre sa bon konprann ka fè pou moun.
This again I have seen under the sun as wisdom and it seemed great to me.
 καὶ γε τοῦτο εἶδον σοφίαν ὑπὸ τὸν ἥλιον καὶ μεγάλη ἔστιν πρὸς με
- 14 Vwala se te yon ti bouk tou piti ki pa t' gen anpil moun ladan l'. Yon gran wa vin atake l' ak yon gwo lame. Li sènen bouk la toupatou, li fè pare yon bann bagay pou kraze miray ranpa bouk la.
There was a little town and the number of its men was small, and there came a great king against it and made an attack on it, building works of war round about it.
 πόλις μικρὰ καὶ ἄνδρες ἐν αὐτῇ ὀλίγοι καὶ ἔλθῃ ἐπ' αὐτὴν βασιλεὺς μέγας καὶ κυκλώσῃ αὐτὴν καὶ οἰκοδομήσῃ ἐπ' αὐτὴν χάρακας μεγάλους
- 15 Te gen yon nonm nan bouk la ki te gen lespri, men se te yon pòn malere. Se li ki te sove bouk la avèk konesans li. Apre sa, tout moun bliye l'.
Now there was in the town a poor, wise man, and he, by his wisdom, kept the town safe. But no one had any memory of that same poor man.
 καὶ εὗρη ἐν αὐτῇ ἄνδρα πένητα σοφόν καὶ διασώσει αὐτὸς τὴν πόλιν ἐν τῇ σοφίᾳ αὐτοῦ καὶ ἄνθρωπος οὐκ ἐμνήσθη σὺν τοῦ ἀνδρὸς τοῦ πένητος ἐκείνου
- 16 Mwen te toujou di: Konesans pi bon pase gwo kouraj, men yo meprize konesans moun ki pòn. Yo p'ap koute yo lè y'ap pale.
Then I said, Wisdom is better than strength, but the poor man's wisdom is not respected, and his words are not given a hearing.
 καὶ εἶπα ἐγὼ ἀγαθὴ σοφία ὑπὲρ δυνάμιν καὶ σοφία τοῦ πένητος ἐξουσιάζουμένη καὶ λόγοι αὐτοῦ οὐκ εἰσὶν ἀκουόμενοι
- 17 Pito ou koute pawòl yon moun ki gen konprann ap di ou tou dousman pase pawòl chèf k'ap rele byen fò nan mitan yon bann moun sòt.
The words of the wise which come quietly to the ear are noted more than the cry of a ruler among the foolish.
 λόγοι σοφῶν ἐν ἀναπαύσει ἀκούονται ὑπὲρ κραυγῆν ἐξουσιαζόντων ἐν ἀφροσύναις
- 18 Konesans pi bon pase tout zam pou fè lagè. Men, fòt yon sèl moun ka fè anpil byen pèdi tou.
Wisdom is better than instruments of war, but one sinner is the destruction of much good.
 ἀγαθὴ σοφία ὑπὲρ σκευῆ πολέμου καὶ ἁμαρτάνων εἷς ἀπολέσει ἀγαθωσύνην πολλήν
- 1 ¶ Mouch mouri gate tout boutèy odè. Yo fè l' santi. Konsa tou, yon sèl ti betiz ka fè tout gwo konesans ou pase pou anyen. Sa ka fè moun pa respekte ou ankò.
Dead flies make the oil of the perfumer give out an evil smell; more valued is a little wisdom than the great glory of the foolish.
 μυῖαι θανατοῦσαι σαπριοῦσιν σκευασίαν ἐλαίου ἡδύσματος τίμιον ὀλίγον σοφίας ὑπὲρ δόξαν ἀφροσύνης μεγάλης

- 2 Kè yon moun ki gen konprann toujou panche pou fè sa ki byen, men kè moun sòt toujou panche pou fè sa ki mal.
The heart of the wise man goes in the right direction; but the heart of a foolish man in the wrong.
καρδία σοφοῦ εἰς δεξιὸν αὐτοῦ καὶ καρδία ἄφρονος εἰς ἀριστερὸν αὐτοῦ
- 3 Menm lè moun sòt ap mache nan lari, li egare, li fè tout moun wè se moun sòt li ye.
And when the foolish man is walking in the way, he has no sense and lets everyone see that he is foolish.
καὶ γε ἐν ὁδῷ ὅταν ἄφρων πορευῆται καρδία αὐτοῦ ὑστερήσει καὶ ἂ λογίζεται πάντα ἀφροσύνη ἐστίν
- 4 ¶ Si chèf ou move sou ou, pa prese vire do ou ale. Si ou rete dousman, sa ka evite ou anpil malè.
If the wrath of the ruler is against you, keep in your place; in him who keeps quiet even great sins may be overlooked.
ἐὰν πνεῦμα τοῦ ἐξουσιάζοντος ἀναβῆ ἐπὶ σέ τόπον σου μὴ ἀφῆς ὅτι ἴαμα καταπαύσει ἁμαρτίας μεγάλας
- 5 Men yon lòt move bagay mwen wè ankò sou latè, lèfini se chèf yo ki lakòz sa.
There is an evil which I have seen under the sun, like an error which comes by chance from a ruler:
ἐστὶν πονηρία ἣν εἶδον ὑπὸ τὸν ἥλιον ὡς ἀκούσιον ὃ ἐξηλθεν ἀπὸ προσώπου τοῦ ἐξουσιάζοντος
- 6 Yo pran moun sòt mete yo nan gwo pozisyon, epi yo kite moun ki chaje ak konesans anba.
The foolish are placed in high positions, but men of wealth are kept low.
ἐδόθη ὁ ἄφρων ἐν ὕψει μεγάλαις καὶ πλούσιοι ἐν ταπεινῷ καθήσονται
- 7 Mwen wè esklav ap karakole sou chwal yo, epi chèf yo menm k'ap mache apye tankou esklav.
I have seen servants on horses, and rulers walking on the earth as servants.
εἶδον δούλους ἐφ' ἵππους καὶ ἄρχοντας πορευομένους ὡς δούλους ἐπὶ τῆς γῆς
- 8 Si ou fouye yon pi, se ou menm ki va tonbe ladan l'. Si ou kraze yon miray, se ou menm sèpan va mòde.
He who makes a hole for others will himself go into it, and for him who makes a hole through a wall the bite of a snake will be a punishment.
ὁ ὀρύσσων βόθρον ἐν αὐτῷ ἐμπεσεῖται καὶ καθαιροῦντα φραγμὸν δήξεται αὐτὸν ὄφεις
- 9 Si w'ap koupe wòch karyann, w'a blese. Si w'ap fann bwa, malè ka rive ou.
He who gets out stones from the earth will be damaged by them, and in the cutting of wood there is danger.
ἐξάιρων λίθους διαπονηθήσεται ἐν αὐτοῖς σχίζων ξύλα κινδυνεύσει ἐν αὐτοῖς
- 10 Si dan rach ou pa koupe, si ou pa file l', ou gen pou travay pi rèd lè w'ap sèvi avè l'. Men bon konprann ap fè ou reyisi nan sa w'ap fè.
If the iron has no edge, and he does not make it sharp, then he has to put out more strength; but wisdom makes things go well.
ἐὰν ἐκπέση τὸ σιδήριον καὶ αὐτὸς πρόσωπον ἐτάραξεν καὶ δυνάμεις δυναμώσει καὶ περισσεία τοῦ ἀνδρείου σοφία
- 11 Ou te mèt konn chame sèpan, sa p'ap sèvi ou anyen si ou kite l' gen tan mòde ou.
If a snake gives a bite before the word of power is said, then there is no longer any use in the word of power.
ἐὰν δάκη ὁ ὄφεις ἐν οὐ ψιθυρισμῷ καὶ οὐκ ἔστιν περισσεία τῷ ἐπάδοντι
- 12 ¶ Pawòl ki sot nan bouch yon moun ki gen konprann sèvi yon lwanj pou li. Men pawòl nan bouch moun sòt ap lakòz lanmò yo.
The words of a wise man's mouth are sweet to all, but the lips of a foolish man are his destruction.
λόγοι στόματος σοφοῦ χάρις καὶ χειλὴ ἄφρονος καταποντιοῦσιν αὐτόν
- 13 Lè yo konmanse pale, se betiz y'ap di. Men lè y'ap fini, se pawòl moun fou nèt y'ap di.
The first words of his mouth are foolish, and the end of his talk is evil crime.
ἀρχὴ λόγων στόματος αὐτοῦ ἀφροσύνη καὶ ἐσχάτη στόματος αὐτοῦ περιφέρεια πονηρά
- 14 Moun sòt renmen pale anpil. Pesonn pa konnen sa k'ap rive denmen. Pesonn pa ka di nou sa k'ap rive apre nou mouri.
The foolish are full of words; man has no knowledge of what will be; and who is able to say what will be after him?
καὶ ὁ ἄφρων πληθύνει λόγους οὐκ ἔγνω ὁ ἄνθρωπος τί τὸ γενόμενον καὶ τί τὸ ἐσόμενον ὀπίσω αὐτοῦ τίς ἀναγγελεῖ αὐτῷ
- 15 Moun sòt touye tèt li nan travay, li bliye chimen kay li.
The work of the foolish will be a weariness to him, because he has no knowledge of the way to the town.
μύθος τῶν ἀφρόνων κοπώσει αὐτούς ὃς οὐκ ἔγνω τοῦ πορευθῆναι εἰς πόλιν

- 16 ¶ Ala malè pou yon peyi lè li gen yon timoun alatèt li, lè chèf li yo tonbe nan manje depi granmaten.
Unhappy is the land whose king is a boy, and whose rulers are feasting in the morning.
 οὐαί σοι πόλις ἧς ὁ βασιλεὺς σου νεώτερος καὶ οἱ ἄρχοντές σου ἐν πρωΐᾳ ἐσθίουσιν
- 17 Men, ala bon sa bon pou yon peyi lè wa a se moun ki sot nan bon ras, lè chèf li yo manje lè pou yo manje pou yo ka jwenn fòs, epi ki pa lage kò yo nan banbòch.
Happy is the land whose ruler is of noble birth, and whose chiefs take food at the right time, for strength and not for feasting.
 μακαρία σύ γῆ ἧς ὁ βασιλεὺς σου υἱὸς ἐλευθέρων καὶ οἱ ἄρχοντές σου πρὸς καιρὸν φάγονται ἐν δυνάμει καὶ οὐκ αἰσχυνθήσονται
- 18 Lè yon moun twò parese pou l' repare kay li, twati a ap koule, fetay la ap tonbe.
When no work is done the roof goes in, and when the hands do nothing water comes into the house.
 ἐν ὀκνηρίαις ταπεινωθήσεται ἡ δόκωσις καὶ ἐν ἀργίᾳ χειρῶν στάξει ἡ οἰκία
- 19 Yo fè resepsyon pou yo pran plezi yo, yo bwè diven pou fè kè yo kontan, men se lajan ki penmèt yo fè tou sa.
A feast is for laughing, and wine makes glad the heart; but by the one and the other money is wasted.
 εἰς γέλωτα ποιοῦσιν ἄρτον καὶ οἶνος εὐφραίνει ζῶντας καὶ τοῦ ἀργυρίου ἐπακούσεται σὺν τὰ πάντα
- 20 Pa kritike yon wa, pa menm nan kè ou. Pa kritike rich yo, pa menm anndan chanm ou. Paske raje gen zòrèy.
Say not a curse against the king, even in your thoughts; and even secretly say not a curse against the man of wealth; because a bird of the air will take the voice, and that which has wings will give news of it.
 καὶ γε ἐν συνειδήσει σου βασιλέα μὴ καταράσῃ καὶ ἐν ταμειείοις κοιτόνων σου μὴ καταράσῃ πλοῦσιον ὅτι πετεινὸν τοῦ οὐρανοῦ ἀποίσει σὺν τὴν φωνὴν καὶ ὁ ἔχων τὰς πτέρυγας ἀπαγγελεῖ λόγον
- 1 ¶ Fè byen san gad dèyè. Yon lè konsa, w'a jwenn rekonpans ou.
Put out your bread on the face of the waters; for after a long time it will come back to you again.
 ἀπόστειλον τὸν ἄρτον σου ἐπὶ πρόσωπον τοῦ ὕδατος ὅτι ἐν πλήθει τῶν ἡμερῶν εὐρήσεις αὐτόν
- 2 Separe sa ou genyen ak mezi moun ou kapab, paske ou pa janm konnen ki malè ki ka rive ou sou latè.
Give a part to seven or even to eight, because you have no knowledge of the evil which will be on the earth.
 δὸς μερίδα τοῖς ἐπτὰ καὶ γε τοῖς ὀκτὼ ὅτι οὐ γινώσκεις τί ἔσται πονηρὸν ἐπὶ τὴν γῆν
- 3 Depi nwaj yo plen dlo, se pou lapli tonbe sou latè. Lè yon pyebwa tonbe, kit li tonbe sou bò nò, kit li tonbe sou bò sid, kote l' tonbe a, se la pou li rete.
If the clouds are full of rain, they send it down on the earth; and if a tree comes down to the south, or the north, in whatever place it comes down, there it will be.
 ἐὰν πληρωθῶσιν τὰ νέφη ὑετοῦ ἐπὶ τὴν γῆν ἐκχέουσιν καὶ ἐὰν πέσῃ ξύλον ἐν τῷ νότῳ καὶ ἐὰν ἐν τῷ βορρᾷ τόπω οὗ πεσεῖται τὸ ξύλον ἐκεῖ ἔσται
- 4 Si w'ap gade sou van, ou p'ap janm plante. Si w'ap gade sou nwaj, ou p'ap janm ranmase rekòt.
He who is watching the wind will not get the seed planted, and he who is looking at the clouds will not get in the grain.
 τηρῶν ἄνεμον οὐ σπερεῖ καὶ βλέπων ἐν ταῖς νεφέλαις οὐ θερίσει
- 5 Menm jan ou pa konnen ni kote van an soti ni kote li prale, menm jan an tou ou pa konnen ki jan zo timoun fè fòm nan vant fanm ansent. Se konsa tou ou pa ka konprann travay Bondye, li menm ki fè tout bagay.
As you have no knowledge of the way of the wind, or of the growth of the bones in the body of her who is with child, even so you have no knowledge of the works of God who has made all.
 ἐν οἷς οὐκ ἔστιν γινώσκων τίς ἡ ὁδὸς τοῦ πνεύματος ὡς ὅστα ἐν γαστρὶ τῆς κυοφορούσης οὕτως οὐ γνῶσι τὰ ποιήματα τοῦ θεοῦ ὅσα ποιήσει σὺν τὰ πάντα
- 6 Nan maten, plante jaden ou. Aswè rive, plante jaden ou ankò. Ou pa janm konnen kilès nan de yo ap bay plis ranman. Ou pa janm konnen si tou de p'ap pran, si tou de p'ap bay menm ranman.
In the morning put your seed into the earth, and till the evening let not your hand be at rest; because you are not certain which will do well, this or that--or if the two will be equally good.
 ἐν πρωΐᾳ σπείρον τὸ σπέρμα σου καὶ εἰς ἑσπέραν μὴ ἀφέτω ἡ χεὶρ σου ὅτι οὐ γινώσκεις ποῖον στοιχήσει ἢ τοῦτο ἢ τοῦτο καὶ ἐὰν τὰ δύο ἐπὶ τὸ αὐτὸ ἀγαθὰ
- 7 ¶ Ala bon bagay se fè klè! Sa bon nèt lè ou wè solèy.
Truly the light is sweet, and it is good for the eyes to see the sun.
 καὶ γλυκὸ τὸ φῶς καὶ ἀγαθὸν τοῖς ὀφθαλμοῖς τοῦ βλέπειν σὺν τὸν ἥλιον
- 8 Di Bondye mèsi pou chak lanne li mete sou lavi ou. Ou te mèt viv lontan, pa bliye tan ou pral pase lè ou fin mouri a long anpil. Tou sa ki vin apre pa vo anyen.
But even if a man's life is long and he has joy in all his years, let him keep in mind the dark days, because they will be great in number. Whatever may come is to no purpose.
 ὅτι καὶ ἐὰν ἔτη πολλὰ ζήσεται ὁ ἄνθρωπος ἐν πᾶσιν αὐτοῖς εὐφρανθήσεται καὶ μνησθήσεται τὰς ἡμέρας τοῦ σκότους ὅτι πολλαὶ ἔσονται πᾶν τὸ ἐρχόμενον ματαιότης

- 9 menm, jenn gason, pwofite jennès nou. Fè kè nou kontan pandan tout tan nou jenn gason toujou. Fè tou sa nou ta vle fè, tou sa nou anvi fè. Men pa bliye Bondye gen pou mande nou kont pou tou sa nou fè.
Have joy, O young man, while you are young; and let your heart be glad in the days of your strength, and go in the ways of your heart, and in the desire of your eyes; but be certain that for all these things God will be your judge.
εὐφραίνου νεανίσκε ἐν νεότητί σου καὶ ἀγαθυνάτω σε ἡ καρδιά σου ἐν ἡμέραις νεότητός σου καὶ περιπάτει ἐν ὁδοῖς καρδίας σου καὶ ἐν ὁράσει ὀφθαλμῶν σου καὶ γνῶθι ὅτι ἐπὶ πᾶσι τούτοις ἄξει σε ὁ θεὸς ἐν κρίσει
- 10 Pa kite lapenn chita nan kè nou. Pa kite anyen fè nou soufri nan kò nou. Ou p'ap rete jenn gason ak cheve nwa tou tan.
So put away trouble from your heart, and sorrow from your flesh; because the early years and the best years are to no purpose.
καὶ ἀπόστησον θυμὸν ἀπὸ καρδίας σου καὶ παράγαγε πονηρίαν ἀπὸ σαρκός σου ὅτι ἡ νεότης καὶ ἡ ἄνοια ματαιότης
- 1 ¶ Pandan ou jenn gason an, pa janm bliye Bondye ki te kreye ou la, anvan jou malè yo rive sou ou, anvan lè a rive pou ou di: Mwen pa jwenn ankenn plezi nan lavi.
Let your mind be turned to your Maker in the days of your strength, while the evil days come not, and the years are far away when you will say, I have no pleasure in them;
καὶ μνήσθητι τοῦ κτίσαντός σε ἐν ἡμέραις νεότητός σου ἕως ὅτου μὴ ἔλθωσιν ἡμέραι τῆς κακίας καὶ φθάσωσιν ἔτη ἐν οἷς ἐρεῖς οὐκ ἔστιν μοι ἐν αὐτοῖς θέλημα
- 2 Lè sa a, limyè solèy la, lalin lan ak zetwal yo ap parèt twoub twoub devan je ou. Syèl la pa janm klè. Lapli poko fin tonbe, tan an gen tan mare ankò.
While the sun, or the light, or the moon, or the stars, are not dark, and the clouds come not back after the rain;
ἕως οὗ μὴ σκοτισθῇ ὁ ἥλιος καὶ τὸ φῶς καὶ ἡ σελήνη καὶ οἱ ἀστέρες καὶ ἐπιστρέψωσιν τὰ νέφη ὀπίσω τοῦ ὕετοῦ
- 3 Lè sa a, bra ou yo ki te konn pwoteje ou ap tranble. Janm ou yo ki engann koulye a ap febli. Ou p'ap gen dan pou kraze manje. Je ou yo ap twò fèb pou wè klè.
In the day when the keepers of the house are shaking for fear, and the strong men are bent down, and the women who were crushing the grain are at rest because their number is small, and those looking out of the windows are unable to see;
ἐν ἡμέρᾳ ἣ ἐὰν σαλευθῶσιν φύλακες τῆς οἰκίας καὶ διαστραφῶσιν ἄνδρες τῆς δυνάμεως καὶ ἤρρησαν αἱ ἀλήθουσαι ὅτι ὀλιγόθησαν καὶ σκοτάσουσιν αἱ βλέπουσαι ἐν ταῖς ὁπαῖς
- 4 De twou zòrèy ou yo ap bouche, ou p'ap tande sa k'ap pase nan lari. Ata gwo bri moulen ki toupre ou la, w'a tande l' tou piti piti. Moun te mèt ap chante bò kote ou, w'ap tande vwa yo lwen lwen.
Lè sa a, depi pipirit konmanse chante, nou gen tan leve.
When the doors are shut in the street, and the sound of the crushing is low, and the voice of the bird is soft, and the daughters of music will be made low;
καὶ κλείουσιν θύρας ἐν ἀγορᾷ ἐν ἀσθενείᾳ φωνῆς τῆς ἀληθοῦσης καὶ ἀναστήσεται εἰς φωνὴν τοῦ στρουθίου καὶ ταπεινωθήσονται πᾶσαι αἱ θυγατέρες τοῦ ἤσματος
- 5 W'ap pè moute sou bagay ki twò wo pou ou pa gen tèt vire. Menm mache nan granchemen ap yon danje pou ou. Tout cheve nan tèt ou ap vin blan, w'ap pèdi fòs kouray ou. Pa gen anyen ki ka fè l' tounen ankò. W'ap desann nan dènye kay kote ou pral rete pou tou tan an. Lè sa a, moun ap mache rele nan tout lari.
And he is in fear of that which is high, and danger is in the road, and the tree is white with flower, and the least thing is a weight, and desire is at an end, because man goes to his last resting-place, and those who are sorrowing are in the streets;
καὶ γὰρ ἀπὸ ὕψους ὄφρονται καὶ θάμβοι ἐν τῇ ὁδῷ καὶ ἀνήση τὸ ἀμύγδαλον καὶ παχυνθῇ ἡ ἀκρίς καὶ διασκεδασθῇ ἡ κάππαρις ὅτι ἐπορεύθη ὁ ἄνθρωπος εἰς οἶκον αἰῶνος αὐτοῦ καὶ ἐκύκλωσαν ἐν ἀγορᾷ οἱ κοπτόμενοι
- 6 Wi, pa janm bliye Bondye ki fè ou la anvan ti chenn an ajan an detache sot tonbe, anvan bòl an lò a tonbe kraze, anvan kalbas dlo a kraze miyèt moso, anvan so a kase.
Before ever the silver cord is cut, or the vessel of gold is broken, or the pot is broken at the fountain, or the wheel broken at the water-hole;
ἕως ὅτου μὴ ἀνατραπῇ σχοινίον τοῦ ἀργυρίου καὶ συνθλιβῇ ἀνθέμιον τοῦ χρυσίου καὶ συντριβῇ ὕδρια ἐπὶ τὴν πηγὴν καὶ συντροχάσῃ ὁ τροχὸς ἐπὶ τὸν λάκκον
- 7 Lè sa a, kò nou pral tounen pousyè latè jan l' te ye anvan an. Souf nou menm ap tounen jwenn Bondye ki te ban nou l' lan.
And the dust goes back to the earth as it was, and the spirit goes back to God who gave it.
καὶ ἐπιστρέψῃ ὁ χοῦς ἐπὶ τὴν γῆν ὡς ἦν καὶ τὸ πνεῦμα ἐπιστρέψῃ πρὸς τὸν θεόν ὃς ἔδωκεν αὐτό
- 8 ¶ Lavi pa vo anyen. Lavi pa sèvi anyen. Filozòf la di: Anyen pa vo anyen.
All things are to no purpose, says the Preacher, all is to no purpose.
ματαιότης ματαιότητων εἶπεν ὁ ἐκκλησιαστής τὰ πάντα ματαιότης
- 9 Men, paske filozòf la te gen bon konprann, li pa janm sispann moutre pèp la tou sa li te konnen. Li egzaminen anpil pwovèb, li etidye yo, li pran san li pou li sanble yo.
And because the Preacher was wise he still gave the people knowledge; searching out, testing, and putting in order a great number of wise sayings.
καὶ περισσὸν ὅτι ἐγένετο ἐκκλησιαστής σοφός ἔτι ἐδίδαξεν γνῶσιν σὺν τὸν λαόν καὶ οὕς ἐξιχνιάσεται κόσμιον παραβολῶν
- 10 Li pran san li pou li jwenn pawòl ki pou fè moun plezi. Men nan tou sa li ekri, li bay verite a jan li wè l' la.
The Preacher made search for words which were pleasing, but his writing was in words upright and true.
πολλὰ ἐξήτησεν ἐκκλησιαστής τοῦ εὐρεῖν λόγους θελήματος καὶ γεγραμμένον εὐθύτητος λόγους ἀληθείας

- 11 Pawòl moun ki gen konprann tankou baton yo sèvi pou djige bèf kabwa. Liv pwovèb yo tankou yon seri klou yo kloure yonn kot lòt. Men se yon sèl mèl ki bay yo, se Bondye.
The words of the wise are pointed, and sayings grouped together are like nails fixed with a hammer; they are given by one guide.
λόγοι σοφῶν ὡς τὰ βούκεντρα καὶ ὡς ἦλοι πεφυτευμένοι οἱ παρὰ τῶν συναγμάτων ἐδόθησαν ἐκ ποιμένος ἑνὸς καὶ περισσὸν ἐξ αὐτῶν
- 12 Pitit mwen, men sa pou ou fè: Pran leson sou bagay sa yo. Si pou yo ta ekri anpil liv, yo pa ta janm fini. Lè ou etidye twòp, sa fè kè ou fè ou mal.
And further, my son, take note of this: of the making of books there is no end, and much learning is a weariness to the flesh.
οὐδὲ μοῦ φύλαξαι ποιήσαι βιβλία πολλὰ οὐκ ἔστιν περασμός καὶ μελέτη πολλή κόπωσης σαρκός
- 13 ¶ Apre tout pawòl sa yo, se yon sèl bagay pou m' di nan sa: Gen krentif pou Bondye. Fè tou sa li mande ou fè yo. Se pou sa ase Bondye te kreye moun.
This is the last word. All has been said. Have fear of God and keep his laws; because this is right for every man.
τέλος λόγου τὸ πᾶν ἀκούεται τὸν θεὸν φοβοῦ καὶ τὰς ἐντολὰς αὐτοῦ φύλασσε ὅτι τοῦτο πᾶς ὁ ἄνθρωπος
- 14 Paske Bondye ap jije tou sa n'ap fè, kit yo bon, kit yo pa bon, ata bagay nou fè an kachèt.
God will be judge of every work, with every secret thing, good or evil.
ὅτι σὺν πᾶν τὸ ποιήμα ὁ θεὸς ἄξει ἐν κρίσει ἐν παντί παρεωραμένῳ ἐὰν ἀγαθὸν καὶ ἐὰν πονηρὸν .
- 1 ¶ Men pi bèl chante nan tout chante Salomon yo.
The song of Songs, which is Solomon's.
ἕσμα ἁσμάτων ὃ ἔστιν τῷ σαλωμων
- 2 ¶ Bo m' non, kouvri m' ak bo! Karès ou pi dous pase siwo myèl.
Let him give me the kisses of his mouth: for his love is better than wine.
φιλησάτω με ἀπὸ φιλημάτων στόματος αὐτοῦ ὅτι ἀγαθοὶ μαστοὶ σου ὑπὲρ οἴνον
- 3 Ou gen yon bon sant k'ap soti nan tout kò ou. Depi yo tande non ou, sant ou vin nan nen yo. Se sa ki fè jenn fi yo renmen ou konsa!
Sweet is the smell of your perfumes; your name is as perfume running out; so the young girls give you their love.
καὶ ὀσμὴ μύρων σου ὑπὲρ πάντα τὰ ἀρώματα μύρον ἐκκενωθὲν ὄνομά σου διὰ τοῦτο νεάνιδες ἠγάπησάν σε
- 4 Pran m' avè ou non! Ann kouri ale! Se ou menm ki wa mwen. Mennen m' nan chanm ou. Depi ou la, se pa ti kontan n'ap kontan. N'ap chante karès ou ki pi dous pase siwo myèl. Jenn fi yo gen rezon renmen ou konsa!
Take me to you, and we will go after you: the king has taken me into his house. We will be glad and full of joy in you, we will give more thought to your love than to wine: rightly are they your lovers.
εἰλκυσάν σε ὀπίσω σου εἰς ὀσμὴν μύρων σου δραμοῦμεν εἰσηνεγκέν με ὁ βασιλεὺς εἰς τὸ ταμίειον αὐτοῦ ἀγαλλιασόμεθα καὶ εὐφρανθόμεν ἐν σοὶ ἀγαπήσομεν μαστούς σου ὑπὲρ οἴνον εὐθύτης ἠγάπησεν ἐν σε
- 5 Medam lavil Jerizalèm, Po m' boule, men m' bèl! Po m' menm koulè ak tant nan dezè a. Men, li bèl tankou rido nan palè Salomon an.
I am dark, but fair of form, O daughters of Jerusalem, as the tents of Kedar, as the curtains of Solomon.
μέλαινά εἰμι καὶ καλὴ θυγατέρες ἱερουσαλημ ὡς σκηνώματα κηδαρ ὡς δέρρεις σαλωμων
- 6 Pa gade sou koulè po m'! Se solèy la ki boule m' konsa. Frè m' yo te move sou mwen. Yo fè m' travay nan jaden rezen lòt moun. M' pa t' gen tan pou m' okipe jaden rezen pa m'.
Let not your eyes be turned on me, because I am dark, because I was looked on by the sun; my mother's children were angry with me; they made me the keeper of the vine-gardens; but my vine-garden I have not kept.
μὴ βλέψητέ με ὅτι ἐγὼ εἰμι μεμελανωμένη ὅτι παρέβλεψέν με ὁ ἥλιος υἱοὶ μητρός μου ἐμαχέσαντο ἐν ἐμοὶ ἔθεντό με φυλάκισσαν ἐν ἀμπελῶσιν ἀμπελῶνα ἐμὸν οὐκ ἐφύλαξα
- 7 ¶ Manyè di m' non, ou menm mwen renmen anpil la, kibò ou pral mennen mouton yo manje? Kibò yo pral pare solèy midi? Konsa m' p'ap bezwen mache chache ou tankou moun fou nan mitan mouton lòt gadò parèy ou yo.
Say, O love of my soul, where you give food to your flock, and where you make them take their rest in the heat of the day; why have I to be as one wandering by the flocks of your friends?
ἀπάγγελόν μοι ὅν ἠγάπησεν ἡ ψυχὴ μου ποῦ ποιμαίνεις ποῦ κοιτάζεις ἐν μεσημβρίᾳ μήποτε γένομαι ὡς περιβαλλομένη ἐπ' ἀγέλαις ἐταίρων σου
- 8 Bèl fanm pase ou, nanpwen! Ki jan ou fè pa konn kote sa a? Ale non. Swiv mouton yo. W'a jwenn manje bò la pou kabrit ou yo, toupre tant gadò yo.
If you have not knowledge, O most beautiful among women, go on your way in the footsteps of the flock, and give your young goats food by the tents of the keepers.
ἐὰν μὴ γνῶς σεαυτὴν ἢ καλὴ ἐν γυναίξιν ἔξελθε σὺ ἐν πτέρυαις τῶν ποιμνίων καὶ ποιμαίνε τὰς ἐρίφους σου ἐπὶ σκηνώμασιν τῶν ποιμένων
- 9 Ou menm mwen renmen anpil la, w'ap boulvèsè mesye yo, menm jan yon jiman ap boulvèsè poulen chwal cha lagè farawon yo.
I have made a comparison of you, O my love, to a horse in Pharaoh's carriages.
τῇ ἵππῳ μου ἐν ἄρμασιν φαραω ὁμοίωσά σε ἢ πλησίον μου

- 10 Ala bèl figi ou bèl nan mitan très cheve ou yo! Ala bèl kou ou bèl ak kolye ou yo!
Your face is a delight with rings of hair, your neck with chains of jewels.
τί ώραίωθησαν σιαγόνες σου ὡς τρυγόνες τράχηλός σου ὡς ὀρμίσκοι
- 11 Men, n'ap fê yon chenn lò pou ou ak ti moso ajan kole ladan l'.
We will make you chains of gold with ornaments of silver.
ὁμοιώματα χρυσίου ποιήσομέν σοι μετὰ στιγμάτων τοῦ ἀργυρίου
- 12 ¶ Mèt mwen te kouche sou kabann li. Sant odè mwen an te gaye toupatou.
While the king is seated at his table, my spices send out their perfume.
ἕως οὗ ὁ βασιλεὺς ἐν ἀνακλίσει αὐτοῦ νάρδος μου ἔδωκεν ὄσμήν αὐτοῦ
- 13 Mennaj mwen tankou yon pake bazilik, ki poze sou tete m'.
As a bag of myrrh is my well-loved one to me, when he is at rest all night between my breasts.
ἀπόδεσμος τῆς στακτῆς ἀδελφιδός μου ἐμοὶ ἀνὰ μέσον τῶν μαστῶν μου ἀύλισθήσεται
- 14 Mennaj mwen tankou yon bouke flè k'ap fleri nan jaden rezen Angedi.
My love is to me as a branch of the cypress-tree in the vine-gardens of En-gedi.
βότρυς τῆς κύπρου ἀδελφιδός μου ἐμοὶ ἐν ἀμπελῶσιν εγγαδδι
- 15 Ala bèl ou bèl, anmòrèz mwen! Ala bèl ou bèl! Je ou yo ou ta di de ti pijon.
See, you are fair, my love, you are fair; you have the eyes of a dove.
ἰδοὺ εἶ καλή ἢ πλησίον μου ἰδοὺ εἶ καλή ὀφθαλμοί σου περιστεραί
- 16 Ala bèl ou bèl, mennaj mwen! Se pa ti kontan ou fè m' kontan. Zèb yo sèvi nou kabann!
See, you are fair, my loved one, and a pleasure; our bed is green.
ἰδοὺ εἶ καλός ὁ ἀδελφιδός μου καὶ γε ὥραϊος πρὸς κλίνη ἡμῶν σύσκιος
- 17 Branch bwa sèd yo sèvi nou travès kay, branch pye chenn yo sèvi nou twati.
Cedar-trees are the pillars of our house; and our boards are made of fir-trees.
δοκοὶ οἴκων ἡμῶν κέδροι φατνώματα ἡμῶν κυπάρισσοι
- 1 ¶ Se yon woz mawon sou mòn Sawon mwen ye, yon bèl ti flè nan yon basrak.
I am a rose of Sharon, a flower of the valleys.
ἐγὼ ἄνθος τοῦ πεδίου κρίνον τῶν κοιλάδων
- 2 Tankou yon bèl ti flè nan mitan pikan, se konsa anmòrèz mwen ye nan mitan lòt jenn fi yo.
As the lily-flower among the thorns of the waste, so is my love among the daughters.
ὡς κρίνον ἐν μέσῳ ἀκανθῶν οὕτως ἢ πλησίον μου ἀνὰ μέσον τῶν θυγατέρων
- 3 ¶ Tankou yon pye ponm nan mitan yon rakbwa, se konsa mennaj mwen ye nan mitan lòt jenn gason yo. Mwen renmen chita anba lonbray li. Donn li gou nan bouch mwen.
As the apple-tree among the trees of the wood, so is my loved one among the sons. I took my rest under his shade with great delight, and his fruit was sweet to my taste.
ὡς μήλον ἐν τοῖς ξύλοις τοῦ ὄρυμοῦ οὕτως ἀδελφιδός μου ἀνὰ μέσον τῶν υἱῶν ἐν τῇ σκιᾷ αὐτοῦ ἐπεθύμησα καὶ ἐκάθισα καὶ καρπὸς αὐτοῦ γλυκὺς ἐν λάρυγγί μου
- 4 Li mennen m' yon ti kote al bwè avè l'. Se pawòl damou ase l'ap glise nan zòrèy mwen.
He took me to the house of wine, and his flag over me was love.
εἰσαγάγετέ με εἰς οἶκον τοῦ οἴνου τάξατε ἐπ' ἐμὲ ἀγάπην
- 5 Li remoute kouraj mwen ak pen rezen. Li rafrechi gòj mwen ak ponm. Mwen malad sitèlman mwen renmen!
Make me strong with wine-cakes, let me be comforted with apples; I am overcome with love.
στηρίσατέ με ἐν ἀμόραις στοιβάσατέ με ἐν μήλοις ὅτι τετρωμένη ἀγάπης ἐγὼ
- 6 Li pase men gòch li anba tèt mwen, l'ap karese m' ak men dwat li!
His left hand is under my head, and his right hand is round about me.
εὐώνυμος αὐτοῦ ὑπὸ τὴν κεφαλὴν μου καὶ ἡ δεξιὰ αὐτοῦ περιλήμμεται με

- 7 Nou menm, medam lavil Jerizalèm, tanpri, tanpri souple! Fè m' sèman sou tèt gazèl bèf ak fennèl kabrit ki lage nan savann yo! Pa deranje anmòrèz mwen lè l'ap dòmi. Pa leve l' san l' pa vle.
I say to you, O daughters of Jerusalem, by the roes of the field, do not let love be moved till it is ready.
ὠρκισα ὑμᾶς θυγατέρες ιερουσαλημ ἐν ταῖς δυνάμεσιν καὶ ἐν ταῖς ισχύσεσιν τοῦ ἀγροῦ ἐὰν ἐγείρητε καὶ ἐξεγείρητε τὴν ἀγάπην ἕως οὗ θελήσῃ
- 8 ¶ Mwen tande vwa mennaj mwen! Men l'ap vini. Li soti sou mòn yo, l'ap kouri desann timòn yo vin jwenn mwen.
The voice of my loved one! See, he comes dancing on the mountains, stepping quickly on the hills.
φωνὴ ἀδελφιδῶ μου ἰδοὺ οὗτος ἦκει πηδῶν ἐπὶ τὰ ὄρη διαλλόμενος ἐπὶ τοὺς βουνοὺς
- 9 Mennaj mwen tankou yon kabrit, tankou yon jenn ti kabrit. Men li la dèyè miray kay la. L'ap gade nan fennèt la, l'ap veye nan jalouzi a pou wè sa m'ap fè.
My loved one is like a roe; see, he is on the other side of our wall, he is looking in at the windows, letting himself be seen through the spaces.
ὁμοίος ἐστὶν ἀδελφιδῶς μου τῇ δορκάδι ἢ νεβρῶ ἐλάφων ἐπὶ τὰ ὄρη βαιθηλ ἰδοὺ οὗτος ἔστηκεν ὀπίσω τοῦ τοίχου ἡμῶν παρακύπτων διὰ τῶν θυρίδων ἐκκύπτων διὰ τῶν δικτύων
- 10 Mennaj mwen pale avè m', li di m': Vini non, anmòrèz mwen! Ann al avè m' non, bèl nègès mwen!
My loved one said to me, Get up, my love, my fair one, and come away.
ἀποκρίνεται ἀδελφιδῶς μου καὶ λέγει μοι ἀνάστα ἐλθέ ἢ πλησίον μου καλὴ μου περιστέρα μου
- 11 Gade! Sezon fredri pase, lapli sispann tonbe.
For, see, the winter is past, the rain is over and gone;
ὅτι ἰδοὺ ὁ χειμῶν παρήλθεν ὁ ὑετὸς ἀπῆλθεν ἐπορεύθη ἑαυτῷ
- 12 Nan tout jaden, flè yo louvri. Se sezon ou tande chante toupatou. Toutrèl gen tan ap chante nan bwa.
The flowers are come on the earth; the time of cutting the vines is come, and the voice of the dove is sounding in our land;
τὰ ἄνθη ὤφθη ἐν τῇ γῆ καιρὸς τῆς τομῆς ἔφθακεν φωνὴ τοῦ τρυγόνος ἠκούσθη ἐν τῇ γῆ ἡμῶν
- 13 Fig frans konmanse mi. Nou ka pran sant flè pye rezen yo. Vini non, anmòrèz mwen! Ann al avè m' non, bèl nègès mwen!
The fig-tree puts out her green fruit and the vines with their young fruit give a good smell. Get up from your bed, my beautiful one, and come away.
ἡ συκὴ ἐξήνεγκεν ὀλύνθους αὐτῆς αἱ ἄμπελοι κυπρίζουσιν ἔδωκαν ὀσμὴν ἀνάστα ἐλθέ ἢ πλησίον μου καλὴ μου περιστέρα μου
- 14 ¶ Ti toutrèl mwen, ou kache nan fant wòch yo, anba gwo wòch byen wo yo. Moutre m' ti figi ou non! Fè m' tande vwa ou. Ala bèl ti figi ou bèl! Ala dous vwa ou dous!
O my dove, you are in the holes of the mountain sides, in the cracks of the high hills; let me see your face, let your voice come to my ears; for sweet is your voice, and your face is fair.
καὶ ἐλθέ σύ περιστέρα μου ἐν σκέπη τῆς πέτρας ἐχόμενα τοῦ προτειχίσματος δεῖξόν μοι τὴν ὄψιν σου καὶ ἀκούτισόν με τὴν φωνὴν σου ὅτι ἡ φωνὴ σου ἡδέια καὶ ἡ ὄψις σου ὠραία
- 15 Kenbe vòlò yo, kenbe ti vòlò yo anvan yo ravaje jaden rezen nou yo, jaden rezen nou yo k'ap fleri.
Take for us the foxes, the little foxes, which do damage to the vines; our vines have young grapes.
πίσατε ἡμῖν ἀλώπεκας μικροὺς ἀφανίζοντας ἀμπελῶνας καὶ αἱ ἄμπελοι ἡμῶν κυπρίζουσιν
- 16 Mennaj mwen, se pou mwen li ye! Mwen menm, se pou li mwen ye! L'ap fè mouton l' yo manje nan mitan pye woz yo.
My loved one is mine, and I am his: he takes his food among the flowers.
ἀδελφιδῶς μου ἐμοὶ κἀγὼ αὐτῷ ὁ ποιμαίνων ἐν τοῖς κρίνοις
- 17 Anvan labrin tonbe, anvan solèy vin kouche, kouri tounen vin jwenn mwen, mennaj mwen, tankou yon kabrit, tankou yon jenn ti kabrit k'ap kouri sou mòn byen wo yo.
Till the evening comes, and the sky slowly becomes dark, come, my loved one, and be like a roe on the mountains of Bether.
ἕως οὗ διαπνεύσῃ ἡ ἡμέρα καὶ κινηθῶσιν αἱ σκίαὶ ἀπόστρεψον ὁμοιώθητι σύ ἀδελφιδῆ μου τῷ δόρκωνι ἢ νεβρῶ ἐλάφων ἐπὶ ὄρη κοιλωμάτων
- 1 ¶ Pandan plizyè nwit, m' kouche sou kabann mwen, m' chache moun mwen renmen anpil la. M' chache l', mwen pa jwenn li.
By night on my bed I was looking for him who is the love of my soul: I was looking for him, but I did not see him.
ἐπὶ κοίτην μου ἐν νυξὶν ἐζήτησα ὃν ἠγάπησεν ἡ ψυχὴ μου ἐζήτησα αὐτὸν καὶ οὐκ εὔρον αὐτὸν ἐκάλεσα αὐτὸν καὶ οὐκ ὑπήκουσέν μου
- 2 Apre sa, mwen leve, mwen pran mache nan tout lavil la, m' chache moun mwen renmen an nan tout lari, sou tout laplas yo. M' chache l', mwen pa jwenn li.
I will get up now and go about the town, in the streets and in the wide ways I will go after him who is the love of my soul: I went after him, but I did not see him.
ἀναστήσομαι δὴ καὶ κυκλώσω ἐν τῇ πόλει ἐν ταῖς ἀγοραῖς καὶ ἐν ταῖς πλαταιαῖς καὶ ζητήσω ὃν ἠγάπησεν ἡ ψυχὴ μου ἐζήτησα αὐτὸν καὶ οὐκ εὔρον αὐτὸν
- 3 Gad k'ap mache fè patwouy nan lavil la kontre avè m'. Mwen mande yo: Souple! Nou pa wè nèg mwen renmen an pou mwen?
The watchmen who go about the town came by me; to them I said, Have you seen him who is my heart's desire?
εὔροσάν με οἱ τηροῦντες οἱ κυκλοῦντες ἐν τῇ πόλει μὴ ὃν ἠγάπησεν ἡ ψυχὴ μου εἶδετε

- 4 Kite mwen kite gad yo, mwen jwenn moun mwen renmen an. Mwen kenbe men l'. Mwen pa lage l' jouk mwen mennen l' kay manman m', nan chanm moun ki te pote m' nan vant li an.
τῇ γὰρ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐκβαλεῖ ἄνθρωπος τὰ βδελύγματα αὐτοῦ τὰ ἀργυρᾶ καὶ τὰ χρυσᾶ ἃ ἐποίησαν προσκυνεῖν τοῖς ματαίοις καὶ ταῖς νυκτερίσιν
- 21 Lè Seyè a va vini pou l' fè tè a tranble, yo pral kache kò yo nan twou wòch, yo pral fouye twou anba tè. Sezisman va pran yo lè y'a wè Seyè a. Y'a kouri al kache lè pouvwa li ap parèt aklè.
To take cover in the cracks of the rocks, and in the holes of the hills, for fear of the Lord, and before the glory of his power, when he comes out of his place, shaking the earth with his strength.
τοῦ εἰσελθεῖν εἰς τὰς τρώγλας τῆς στερεᾶς πέτρας καὶ εἰς τὰς σχισμὰς τῶν πετρῶν ἀπὸ προσώπου τοῦ φόβου κυρίου καὶ ἀπὸ τῆς δόξης τῆς ἰσχύος αὐτοῦ ὅταν ἀναστῆ θραῦσαι τὴν γῆν

- 1 ¶ Wi. Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, pral koupe viv tout moun nan lavil Jerizalèm ak nan peyi Jida. P'ap gen pen, p'ap gen dlo.
For the Lord, the Lord of armies, is about to take away from Jerusalem and from Judah all their support; their store of bread and of water;
ἰδοὺ δὴ ὁ δεσπότης κύριος σαβαωθ ἀφελεῖ ἀπὸ τῆς ἰουδαίας καὶ ἀπὸ ἱερουσαλήμ ἰσχύοντα καὶ ἰσχύουσιν ἰσχύον ἄρτου καὶ ἰσχύον ὕδατος
- 2 P'ap gen vanyan gason ankò ni sòlda. P'ap gen jij ankò ni pwofèt. P'ap gen divinò ankò ni grandèt.
The strong man and the man of war; the judge and the prophet; the man who has knowledge of secret arts, and the man who is wise because of his years;
γίγαντα καὶ ἰσχύοντα καὶ ἄνθρωπον πολεμιστὴν καὶ δικαστὴν καὶ προφήτην καὶ στοχαστὴν καὶ πρεσβύτερον
- 3 P'ap gen kaptenn, p'ap gen majistra ni moun ki pou bay konsèy. P'ap gen moun ki konn fè maji, ni moun ki konn moute batri.
The captain of fifty, and the man of high position, and the wise guide, and the wonder-worker, and he who makes use of secret powers.
καὶ πεντηκόνταρχον καὶ θαυμαστὸν σύμβουλον καὶ σοφὸν ἀρχιτέκτονα καὶ συνετὸν ἀκροατὴν
- 4 M'ap pran jenn timoun san esperyans m'a mete chèf pou gouvènè yo.
And I will make children their chiefs, and foolish ones will have rule over them.
καὶ ἐπιστήσω νεανίσκους ἄρχοντας αὐτῶν καὶ ἐμπαίκτης κυριεύσουσιν αὐτῶν
- 5 Tout moun pral chache pwofite yonn sou lòt, zanmi sou zanmi, vwazen sou vwazen. Jenmoun p'ap respekte granmoun. Vakabon ap pase moun debyen nan betiz.
And the people will be crushed, every one by his neighbour; the young will be full of pride against the old, and those of low position will be lifted up against the noble.
καὶ συμπεσεται ὁ λαὸς ἄνθρωπος πρὸς ἄνθρωπον καὶ ἄνθρωπος πρὸς τὸν πλησίον αὐτοῦ προσκόψει τὸ παιδίον πρὸς τὸν πρεσβύτην ὁ ἄτιμος πρὸς τὸν ἐντιμον
- 6 Yon lè menm, tout yon branch fanmi va chwazi yonn nan mitan yo. Y'a di l' konsa: Ou menm ki gen rad pou ou mete sou ou, n'ap mete ou chèf pou ou ka dirije nou nan move pa n'ap pase koulye a.
When one man puts his hand on another in his father's house, and says, You have clothing, be our ruler and be responsible for us in our sad condition:
ὅτι ἐπιλήμμεται ἄνθρωπος τοῦ ἀδελφοῦ αὐτοῦ ἢ τοῦ οἰκείου τοῦ πατρὸς αὐτοῦ λέγων ἰμάτιον ἔχεις ἀρχηγὸς ἡμῶν γενεῶν καὶ τὸ βρῶμα τὸ ἐμὸν ὑπὸ σὲ ἔστω
- 7 Men, moun yo chwazi a va reponn: Non. Mwen pa dòktè, mwen pa ka fè anyen pou nou! Ni tou, mwen pa gen manje, m' pa gen rad lakay mwen. Pa mete m' chèf sou pèp la.
Then he will say with an oath, I will not be a helper, for in my house there is no bread or clothing: I will not let you make me a ruler of the people.
καὶ ἀποκριθεὶς ἐρεῖ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ οὐκ ἔσομαι σου ἀρχηγὸς οὐ γὰρ ἔστιν ἐν τῷ οἴκῳ μου ἄρτος οὐδὲ ἰμάτιον οὐκ ἔσομαι ἀρχηγὸς τοῦ λαοῦ τούτου
- 8 Wi, lavil Jerizalèm bannann! Peyi Jida a nan tou sa ki pa bon! Paske tou sa yo di, tou sa yo fè pa dakò ak sa Seyè a vle. Devan tout moun y'ap kenbe tèt ak Bondye ki gen tout pouvwa a.
For Jerusalem has become feeble, and destruction has come on Judah, because their words and their acts are against the Lord, moving the eyes of his glory to wrath.
ὅτι ἀνεῖται ἱερουσαλήμ καὶ ἡ ἰουδαία συμπτέπτωκεν καὶ αἱ γλώσσαι αὐτῶν μετὰ ἀνομίας τὰ πρὸς κύριον ἀπειθοῦντες διότι νῦν ἐταπεινώθη ἡ δόξα αὐτῶν
- 9 ¶ Depi ou gade yo, ou wè ki moun yo ye. Tankou moun lavil Sodòm yo, yo fè peche yo akèlè pou tout moun wè. Se poutèt sa malè ap tonbe sou yo. Se yo menm menm k'ap rale l' sou tèt yo.
Their respect for a man's position is a witness against them; and their sin is open to the view of all; like that of Sodom, it is not covered. A curse on their soul! for the measure of their sin is full.
καὶ ἡ αἰσχὺν τοῦ προσώπου αὐτῶν ἀντέστη αὐτοῖς τὴν δὲ ἁμαρτίαν αὐτῶν ὡς σοδομον ἀνήγγειλαν καὶ ἐνεφάνισαν οὐαὶ τῇ ψυχῇ αὐτῶν διότι βεβούλευνται βουλὴν πονηρὰν καθ' ἑαυτῶν
- 10 Se pou nou di: Ala bèl bagay pou moun ki mache dwat yo! Zafè yo mache byen tou. Y'a jwi pwofi travay yo.
Happy is the upright man! for he will have joy of the fruit of his ways.
εἰπόντες δὴσώμεν τὸν δίκαιον ὅτι δόσχητος ἡμῖν ἔστιν τοῖνον τὰ γενήματα τῶν ἔργων αὐτῶν φάγονται
- 11 Men, pòv mechan yo, malè ap tonbe sou yo. Y'a fè yo peye pou sa yo fè a.
Unhappy is the sinner! for the reward of his evil doings will come on him.
οὐαὶ τῷ ἀνόμῳ πονηρὰ κατὰ τὰ ἔργα τῶν χειρῶν αὐτοῦ συμβήσεται αὐτῷ
- 12 Sa fè m' lapenn pou pèp mwen an! Se yon timoun k'ap prije yo, se fanm k'ap kòmande yo. Sa fè m' lapenn anpil wi pou nou, pèp mwen an! Chèf yo fè nou pèdi chemen nou. Yo mele nou. Nou pa konn ki wout pou nou pran.
As for my people, their ruler is acting like a child, and those who have authority over them are women. O my people, your guides are the cause of your wandering, turning your footsteps out of the right way.
λαὸς μου οἱ πράκτορες ὑμῶν καλαμῶνται ὑμᾶς καὶ οἱ ἀπαιτοῦντες κυριεύουσιν ὑμῶν λαὸς μου οἱ μακαρίζοντες ὑμᾶς πλανώσιν ὑμᾶς καὶ τὸν τρίβον τῶν ποδῶν ὑμῶν ταραύσουσιν
- 13 Seyè a kanpe pou l' denonse sa yo fè a. Li pare pou l' jije pèp li a.
The Lord is ready to take up his cause against his people, and is about to come forward as their judge.
ἀλλὰ νῦν καταστήσεται εἰς κρίσιν κύριος καὶ στήσει εἰς κρίσιν τὸν λαὸν αὐτοῦ

- 14 Seyè a rele chèf fanmi yo ak lòt chèf pèp li a nan tribinal. L'ap denonse yo. Li di konsa: Se nou menm ki fin piye jaden rezen yo. N'ap vòlò pòn malere yo pou nou plen kay nou.
The Lord comes to be the judge of their responsible men and of their rulers: it is you who have made waste the vine-garden, and in your houses is the property of the poor which you have taken by force.
αὐτὸς κύριος εἰς κρίσιν ἔξει μετὰ τῶν πρεσβυτέρων τοῦ λαοῦ καὶ μετὰ τῶν ἀρχόντων αὐτοῦ ὑμεῖς δὲ τί ἐνεπυρίσατε τὸν ἀμπελῶνά μου καὶ ἡ ἀρπαγὴ τοῦ πτωχοῦ ἐν τοῖς οἴκοις ὑμῶν
- 15 Nou pa gen dwa kraze pèp mwen an konsa. Nou pa gen dwa pwofite konsa sou pòn yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki pale.
By what right are you crushing my people, and putting a bitter yoke on the necks of the poor? This is the word of the Lord, the Lord of armies.
τί ὑμεῖς ἀδικεῖτε τὸν λαόν μου καὶ τὸ πρόσωπον τῶν πτωχῶν κατασιχύνετε
- 16 ¶ Seyè a di: Gade jan medam lavil Jerizalèm yo ye non! Y'ap mache tankou yo pa kanmarad pesonn. Yo kage tèt yo deyè, y'ap fè mesye yo je dou. Y'ap mache banda pou braslè nan pye yo ka sonnen.
Again, the Lord has said, Because the daughters of Zion are full of pride, and go with outstretched necks and wandering eyes, with their foot-chains sounding when they go:
τάδε λέγει κύριος ἀνθ' ὧν ὑψώθησαν αἱ θυγατέρες σιων καὶ ἐπορεύθησαν ὑψηλῶ τραχήλῳ καὶ ἐν νεύμασιν ὀφθαλμῶν καὶ τῇ πορείᾳ τῶν ποδῶν ἅμα σύρουσαι τοὺς χιτῶνας καὶ τοῖς ποσὶν ἅμα παίζουσαι
- 17 Men, mwen menm Bondye, m'ap pini yo. M'ap kale tèt yo tou blanch, m'ap kite yo san cheve.
The Lord will send disease on the heads of the daughters of Zion, and the Lord will let their secret parts be seen.
καὶ ταπεινώσει ὁ θεὸς ἀρχούσας θυγατέρας σιων καὶ κύριος ἀποκαλύψει τὸ σῆμα αὐτῶν
- 18 Jou sa a, Bondye va wete tout bijou yo gen sou yo: braslè yo mete nan pye yo, bando yo mare nan tèt yo, meday yo mare sou fwon yo,
In that day the Lord will take away the glory of their foot-rings, and their sun-jewels, and their moon-ornaments,
ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ ἀφελεῖ κύριος τὴν δόξαν τοῦ ἱματισμοῦ αὐτῶν καὶ τοὺς κόσμους αὐτῶν καὶ τὰ ἐμπλόκια καὶ τοὺς κόσμύμβους καὶ τοὺς μηνίσκους
- 19 zanno, braslè yo mete nan bra yo, ak vwal yo mete sou tèt yo,
The ear-rings, and the chains, and the delicate clothing,
καὶ τὸ κάθεμα καὶ τὸν κόσμον τοῦ προσώπου αὐτῶν
- 20 mouchwa yo mare tèt yo, ti chenn yo mete nan pye yo, bèl senti yo, poban odè yo, bwòch yo,
The head-bands, and the arm-chains, and the worked bands, and the perfume-boxes, and the jewels with secret powers,
καὶ τὴν σύνθεσιν τοῦ κόσμου τῆς δόξης καὶ τοὺς χλιδῶνας καὶ τὰ ψέλια καὶ τὸ ἐμπλόκιον καὶ τὰ περιδέξια καὶ τοὺς δακτυλίους καὶ τὰ ἐνώτια
- 21 bag yo, zanno pou nen yo,
The rings, and the nose-jewels,
καὶ τὰ περιπόρφουρα καὶ τὰ μεσπόρφουρα
- 22 bèl rad swa yo, foula yo, chal yo, bous yo,
The feast-day dresses, and the robes, and the wide skirts, and the handbags,
καὶ τὰ ἐπιβλήματα τὰ κατὰ τὴν οἰκίαν καὶ τὰ διαφανῆ λακωνικὰ
- 23 glas yo, rad twal fin yo, madras yo ak vwal dantèl yo mete sou tèt yo.
The looking-glasses, and the fair linen, and the high head-dresses, and the veils.
καὶ τὰ βύσσινα καὶ τὰ ὑακίνθινα καὶ τὰ κόκκινα καὶ τὴν βύσσον σὺν χρυσίῳ καὶ ὑακίνθῳ συγκαθυσφασμένα καὶ θέριστρα κατάκλιτα
- 24 Yo p'ap sèvi ak odè ankò, y'ap santi move. Yo p'ap sèvi ak bèl senti ankò. Y'a mare ren yo ak kòd. Yo p'ap gen cheve pou yo fè bèl kwafi, tèt yo va kale tou blanch. Yo p'ap gen bèl rad pou mete sou yo, y'a vlope kò yo nan sak. Yo p'ap fè figi yo bèl ankò. Y'ap tanpe yo nan figi ak fè wouj tankou esklav.
And in the place of sweet spices will be an evil smell, and for a fair band a thick cord; for a well-dressed head there will be the cutting-off of the hair, and for a beautiful robe there will be the clothing of sorrow; the mark of the prisoner in place of the ornaments of the free.
καὶ ἔσται ἀντὶ ὀσμῆς ἡδέιας κونيωτός καὶ ἀντὶ ζώνης σχοινίῳ ζώσῃ καὶ ἀντὶ τοῦ κόσμου τῆς κεφαλῆς τοῦ χρυσοῦ φαλάκρωμα ἕξεις διὰ τὰ ἔργα σου καὶ ἀντὶ τοῦ χιτῶνος τοῦ μεσοπορφύρου περιζώσῃ σάκκον
- 25 Tout mesye yo pral mouri nan lagè. Tout sòlda yo pral mouri nan batay.
Your men will be put to the sword, and your men of war will come to destruction in the fight.
καὶ ὁ υἱός σου ὁ κάλλιτος ὃν ἀγαπᾷς μαχαίρᾳ πεσεῖται καὶ οἱ ἰσχύοντες ὑμῶν μαχαίρᾳ πεσοῦνται

- 26 Moun pral plenn nan pòtay lavil yo, y'ap nan lapenn. Lavil la ap tankou yon fanm ki chita atè, san rad sou li.
And in the public places of her towns will be sorrow and weeping; and she will be seated on the earth, waste and uncovered.
καὶ ταπεινωθήσονται καὶ πενθήσουσιν αἱ θῆκαι τοῦ κόσμου ὑμῶν καὶ καταλειφθήσῃ μὴν καὶ εἰς τὴν γῆν ἔδαφισθήσῃ
- 1 ¶ Jou sa a, sèt fanm pral kouri dèyè yon sèl gason, y'a di l': -Nou ka bay tèt nou manje. Nou ka biye tèt nou. Men, tanpri, kite nou di se mari nou ou ye pou nou pa wont devan moun!
And in that day seven women will put their hands on one man, saying, There will be no need for you to give us food or clothing, only let us go under your name, so that our shame may be taken away.
καὶ ἐπιλήμψονται ἑπτὰ γυναῖκες ἀνθρώπου ἐνὸς λέγουσαι τὸν ἄρτον ἡμῶν φαγόμεθα καὶ τὰ ἱμάτια ἡμῶν περιβαλούμεθα πλὴν τὸ ὄνομα τὸ σὸν κεκλήσθω ἐφ' ἡμᾶς ἵνα φέρε τὸν ὄνειδισμὸν ἡμῶν
- 2 ¶ Jou sa a, Seyè a va fè tout plant nan peyi a boujonnen ankò. Y'a grandi byen bèl, byen gwo. Tout moun nan pèp Izrayèl la ki pa t' mouri va kontan bèl rekòt tè a va bay. Sa va fè yo leve tèt yo.
In that day will the young growth of the Lord be beautiful in glory, and the fruit of the earth will be the pride of those who are still living in Israel.
τῇ δὲ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐπιλάμψει ὁ θεὸς ἐν βουλῇ μετὰ δόξης ἐπὶ τῆς γῆς τοῦ ὑψῶσαι καὶ δοξάσαι τὸ καταλειφθὲν τοῦ Ἰσραὴλ.
- 3 Lè sa a, moun ki rete nan sa ki te sou mòn Siyon an, moun ki va chape anba lanmò pami sa ki te lavil Jerizalèm lan, y'a rele yo: moun Bondye mete apa pou li. Bondye va kite yo viv lavil Jerizalèm.
And it will come about that the rest of the living in Zion, and of those who have been kept from destruction in Jerusalem, will be named holy, even everyone who has been recorded for life in Jerusalem:
καὶ ἔσται τὸ ὑπολειφθὲν ἐν σιων καὶ τὸ καταλειφθὲν ἐν ἱερουσαλημ ἅγιοι κληθήσονται πάντες οἱ γραφέντες εἰς ζωὴν ἐν ἱερουσαλημ
- 4 Lè Bondye va lave malpwòpte medam yo t'ap fè nan lavil la, lè l'a lave tout san ki te koule nan lavil Jerizalèm, Bondye pral rann jijman, li pral pini lavil la.
When Zion has been washed from her sin by the Lord, and Jerusalem made clean from her blood by a judging and a burning wind.
ὅτι ἐκπλυνεῖ κύριος τὸν ῥύπον τῶν υἱῶν καὶ τῶν θυγατέρων σιων καὶ τὸ αἷμα ἐκκαθαριεῖ ἐκ μέσου αὐτῶν ἐν πνεύματι κρίσεως καὶ πνεύματι καύσεως
- 5 Lajounen, Seyè a va voye yon gwo nwaj vin poze sou tout mòn Siyon an ak sou tout moun ki sanble la a. Lannwit, se va lafimen ak yon gwo flanm dife la voye. Pouvwa Bondye a pral kouvri yo, l'ap pwoteje tout lavil la.
And over every living-place on Mount Zion, all over all her meetings, the Lord will make a cloud and smoke by day, and the shining of a flaming fire by night, for over all, the glory of the Lord will be a cover and a tent;
καὶ ἦξει καὶ ἔσται πᾶς τόπος τοῦ ὄρους σιων καὶ πάντα τὰ περικύκλω αὐτῆς σκιάσει νεφέλη ἡμέρας καὶ ὡς καπνοῦ καὶ ὡς φωτὸς πυρὸς καιομένου νυκτὸς πάσῃ τῇ δόξῃ σκεπασθήσεται
- 6 Lajounen, l'ap kouvri lavil la pou chalè solèy pa bat li. L'ap pwoteje l' pou loray ak lapli pa fè l' anyen.
And a shade in the daytime from the heat, and a safe cover from storm and from rain.
καὶ ἔσται εἰς σκιάν ἀπὸ καύματος καὶ ἐν σκέπῃ καὶ ἐν ἀποκρύφῳ ἀπὸ σκληρότητος καὶ ὕετοῦ
- 1 ¶ Mwen pral chante yon chante pou nou, yon chante sou zanmi m' ak jaden rezen l' lan. Zanmi m' lan te gen yon jaden rezen, sou tèt yon ti mòn ki te gen yon bon venn tè.
Let me make a song about my loved one, a song of love for his vine-garden. My loved one had a vine-garden on a fertile hill:
ἦσω δὴ τῷ ἡγαπημένῳ ἄσμα τοῦ ἀγαπητοῦ τῷ ἀμπελώνι μου ἀμπελὸν ἐγενήθη τῷ ἡγαπημένῳ ἐν κέρατι ἐν τόπῳ πῖονι
- 2 Li bat tout tè a, li wete tout wòch ladan l'. Li plante pi bon kalite pye rezen ladan l'. Apre sa, li bati yon ti kay tout won nan mitan jaden an pou veye l'. Li fè yon basen pou kraze rezen yo. Li te kwè jaden an tapral ba li bon rezen. Men, se vye rezen si ase li bay.
And after working the earth of it with a spade, he took away its stones, and put in it a very special vine; and he put up a watchtower in the middle of it, hollowing out in the rock a place for the grape-crushing; and he was hoping that it would give the best grapes, but it gave common grapes.
καὶ φραγμὸν περιέθηκα καὶ ἐχαράκωσα καὶ ἐφύτευσα ἄμπελον σωρηχ καὶ ὄκοδόμησα πύργον ἐν μέσῳ αὐτοῦ καὶ προλήνιον ὄρυζα ἐν αὐτῷ καὶ ἔμεινα τοῦ ποιῆσαι σταφυλὴν ἐποίησεν δὲ ἀκάνθας
- 3 Lè sa a, zanmi mwen an di: -Nou menm moun lavil Jerizalèm ak moun peyi Jida yo, nou pral di m' kilès nan nou de a, jaden rezen an ak mwen menm, ki antò.
And now, you people of Jerusalem and you men of Judah, be the judges between me and my vine-garden.
καὶ νῦν ἄνθρωπος τοῦ ἰουδα καὶ οἱ ἐνοικοῦντες ἐν ἱερουσαλημ κρίνατε ἐν ἐμοὶ καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ ἀμπελώνός μου
- 4 Kisa pou m' te fè pou jaden rezen an mwen pa t' fè? Mwen t'ap tann li ban m' bon jan rezen. Poukisa se bann vye rezen si sa yo li donnen?
Is there anything which might have been done for my vine-garden which I have not done? why then, when I was hoping for the best grapes did it give me common grapes?
τί ποιήσω ἐτι τῷ ἀμπελώνι μου καὶ οὐκ ἐποίησα αὐτῷ διότι ἔμεινα τοῦ ποιῆσαι σταφυλὴν ἐποίησεν δὲ ἀκάνθας
- 5 Enben! M'ap fè nou konnen sa mapral fè jaden rezen mwen an. Mwen pral kraze tout lantiray li a pou bèt antre vin manje l', pou yo kraze l' anba pye yo.
And now, this is what I will do to my vine-garden: I will take away the circle of thorns round it, and it will be burned up; its wall will be broken down and the beasts of the field will go through it;
νῦν δὲ ἀναγγελῶ ὑμῖν τί ποιήσω τῷ ἀμπελώνι μου ἀφελῶ τὸν φραγμὸν αὐτοῦ καὶ ἔσται εἰς διαρπαγὴν καὶ καθελῶ τὸν τοῖχον αὐτοῦ καὶ ἔσται εἰς καταπάτημα

- 6 M'ap fè l' tounen yon jaden yo piye. Yo p'ap netwaye branch li yo, yo p'ap sekle l' ankò. Zèb pikan ak raje ap fin anvayi l'. Mwen p'ap kite lapli tonbe sou li.
And I will make it waste; its branches will not be touched with the knife, or the earth worked with the spade; but blackberries and thorns will come up in it: and I will give orders to the clouds not to send rain on it.
καὶ ἀνήσω τὸν ἀμπελῶνά μου καὶ οὐ μὴ τμηθῆ οὐδὲ μὴ σκαφῆ καὶ ἀναβήσεται εἰς αὐτὸν ὡς εἰς χέρσον ἄκανθα καὶ ταῖς νεφέλαις ἐντελοῦμαι τοῦ μὴ βρέξαι εἰς αὐτὸν ὑετόν
- 7 Pèp Izrayèl la, se li ki jaden rezen Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a. Moun peyi Jida yo, se yo ki bon plan li te plante a. Li t'ap tann yo mache dwat: Yo lage kò yo nan fè lenjistis. Li t'ap tann yo fè sa ki dwat devan je l', men, nan tout peyi a, se rèl malere ase ou tande.
For the vine-garden of the Lord of armies is the people of Israel, and the men of Judah are the plant of his delight: and he was looking for upright judging, and there was blood; for righteousness, and there was a cry for help.
ὁ γὰρ ἀμπελῶν κυρίου σαβαωθ οἶκος τοῦ ἰσραηλ ἐστὶν καὶ ἄνθρωπος τοῦ ἰουδα νεόφυτον ἠγαπημένον ἔμεινα τοῦ ποιῆσαι κρίσιν ἐποίησεν δὲ ἀνομίαν καὶ οὐ δικαιοσύνην ἀλλὰ κραυγὴν
- 8 ¶ Madichon pou moun k'ap bati kay sou kay, pou moun k'ap achte tè pou mete sou sa yo genyen deja! Talè konsa, p'ap gen plas pou lòt moun nan peyi a. Yo vle se yo menm ase ki pou rete nan peyi a.
Cursed are those who are joining house to house, and putting field to field, till there is no more living-space for any but themselves in all the land!
οὐαὶ οἱ συνάπτοντες οἰκίαν πρὸς οἰκίαν καὶ ἀγρὸν πρὸς ἀγρὸν ἐγγίζοντες ἵνα τοῦ πλησίον ἀφέλονται τι μὴ οἰκίσετε μόνοι ἐπὶ τῆς γῆς
- 9 Men sèman mwen tande Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a, fè: Tout kay sa yo gen pou yo tounen mazi. Yo te mèl bèl kou yo bèl, yo te mèl gwo kou yo gwo, p'ap gen moun pou rete ladan yo.
The Lord of armies has said to me secretly, Truly, numbers of great and fair houses will be waste, with no one living in them.
ἠκούσθη γὰρ εἰς τὰ ὄτα κυρίου σαβαωθ ταῦτα ἐὰν γὰρ γένωνται οἰκίαι πολλαὶ εἰς ἔρημον ἔσονται μεγάλαι καὶ καλαὶ καὶ οὐκ ἔσονται οἱ ἐνοικοῦντες ἐν αὐταῖς
- 10 Jaden rezen ki sou dis kawo tè ap bay yon sèl barik diven. Pou chak dis mamit grenn yo plante, y'a rekòlte yon sèl mamit.
For ten fields of vines will only give one measure of wine, and a great amount of seed will only give a small measure of grain.
οὗ γὰρ ἐργῶνται δέκα ζεύγη βοῶν ποιήσει κεράμιον ἓν καὶ ὁ σπείρων ἀρτάβας ἕξ ποιήσει μέτρα τρία
- 11 Madichon pou moun k'ap leve granmaten pou yo ale chache gwòg pou yo bwè, pou moun k'ap rete byen ta lannwit pou bwè diven jouk yo sou!
Cursed are those who get up early in the morning to give themselves up to strong drink; who keep on drinking far into the night till they are heated with wine!
οὐαὶ οἱ ἐγειρόμενοι τὸ πρωὶ καὶ τὸ σικερα διώκοντες οἱ μένοντες τὸ ὄψε ὁ γὰρ οἶνος αὐτοὺς συγκαούσει
- 12 Lè y'ap fè fèt, se pou gen gita ak bandjo, tanbou ak fif ak barik plen diven. Men, yo pa chache konprann sa Seyè a ap fè, yo pa wè travay l'ap fè a.
And corded instruments and wind-instruments and wine are in their feasts: but they give no thought to the work of the Lord, and they are not interested in what his hands are doing.
μετὰ γὰρ κιθάρας καὶ ψαλτηρίου καὶ τυμπάνων καὶ αὐλῶν τὸν οἶνον πίνουσιν τὰ δὲ ἔργα κυρίου οὐκ ἐμβλέπουσιν καὶ τὰ ἔργα τῶν χειρῶν αὐτοῦ οὐ κατανοοῦσιν
- 13 Pèp la pa konn anyen menm. Se poutèt sa y'ap fè yo prizonnye, y'ap depòte yo. Grannèg yo pral mouri grangou. Pèp la menm ap mouri swaf dlo.
For this cause my people are taken away as prisoners into strange countries for need of knowledge: and their rulers are wasted for need of food, and their loud-voiced feasters are dry for need of water.
τοῖνον αἰχμάλωτος ὁ λαός μου ἐγενήθη διὰ τὸ μὴ εἰδέναι αὐτοὺς τὸν κύριον καὶ πλήθος ἐγενήθη νεκρῶν διὰ λιμὸν καὶ δίψαν ὕδατος
- 14 Peyi kote mò yo ye a ap tann yo konsa. L'ap louvri pòtay li yo byen gran pou l' resewva yo. Se la tout grannèg yo pral desann ansanm ak pèp la k'ap fè bri ak kè kontan.
For this cause the underworld has made wide its throat, opening its mouth without limit: and her glory, and the noise of her masses, and her loud-voiced feasters, will go down into it.
καὶ ἐπλάτυνεν ὁ ἄδης τὴν ψυχὴν αὐτοῦ καὶ διήνοιξεν τὸ στόμα αὐτοῦ τοῦ μὴ διαλιπεῖν καὶ καταβήσονται οἱ ἔνδοξοι καὶ οἱ μεγάλοι καὶ οἱ πλούσιοι καὶ οἱ λοιμοὶ αὐτῆς
- 15 Yo pral trennen tout moun nan labou. Yo pral fè yo wont. Tout moun ki t'ap gonfle lestonmak yo pral bese je yo atè.
And the poor man's head is bent, and the great man goes down on his face, and the eyes of pride are put to shame:
καὶ ταπεινωθήσεται ἄνθρωπος καὶ ἀτιμασθήσεται ἀνήρ καὶ οἱ ὀφθαλμοὶ οἱ μετέωροι ταπεινωθήσονται
- 16 Men, Seyè a pral moutre jan li gen pouvwa lè l'a fè sa li gen pou l' fè a. Li pral fè wè jan li se Bondye tout bon ki apa a lè l'a jije pèp li a.
But the Lord of armies is lifted up as judge, and the Holy God is seen to be holy in righteousness.
καὶ ὑψωθήσεται κύριος σαβαωθ ἐν κρίματι καὶ ὁ θεὸς ὁ ἅγιος δοξασθήσεται ἐν δικαιοσύνη
- 17 Toupatou, nan lavil yo, mouton yo ap mache manje zèb tankou nan savann. P'ap gen pak ankò pou angrese bèt. Tout bèt ap lage. Y'ap mache manje toupatou nan lavil la.
Then the lambs will get food as in their grass-lands, and the fat cattle will be feasting in the waste places.
καὶ βοσκηθήσονται οἱ διηρπασμένοι ὡς ταῦροι καὶ τὰς ἐρήμους τῶν ἀπειλημένων ἄρνες φάγονται
- 18 ¶ Madichon pou nou! Nou sitèlman renmen mechanste n'ap fè a, n'ap trennen l' dèyè nou kote nou pase. Peche nou yo te mèl gwo, n'ap rale yo dèyè nou tankou bèt k'ap rale kabwèt!
Cursed are those who make use of ox-cords for pulling the evil thing, and the bands of a young ox for their sin!
οὐαὶ οἱ ἐπισπόμενοι τὰς ἀμαρτίας ὡς σχοινίῳ μακρῷ καὶ ὡς ζυγοῦ ἱμάντι δαμάλεως τὰς ἀνομίας

- 19 Y'ap plede di: Se pou Bondye fè vit! Se pou li prese fè sa l'ap fè a pou nou ka wè l'. Se pou Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa prese fè travay li vle fè a, pou nou ka wè sa li gen nan tèt li.
Who say, Let him do his work quickly, let him make it sudden, so that we may see it: let the design of the Holy One of Israel come near, so that it may be clear to us.
οὐ λέγοντες τὸ τάχος ἐγγισάτω ἃ ποιήσει ἵνα ἴδωμεν καὶ ἐλθάτω ἡ βουλή τοῦ ἁγίου ἰσραηλ ἵνα γνῶμεν
- 20 Madichon pou moun ki vle fè byen pase pou mal, mal pase pou byen, pou moun k'ap di fènwa se limyè, limyè se fènwa, pou moun k'ap di bagay anmè dous, bagay dous anmè!
Cursed are those who give the name of good to evil, and of evil to what is good: who make light dark, and dark light: who make bitter sweet, and sweet bitter!
οὐαὶ οἱ λέγοντες τὸ πονηρὸν καλὸν καὶ τὸ καλὸν πονηρὸν οἱ τιθέντες τὸ σκότος φῶς καὶ τὸ φῶς σκότος οἱ τιθέντες τὸ πικρὸν γλυκὸ καὶ τὸ γλυκὸ πικρὸν
- 21 Madichon pou moun ki konprann yo gen konesans, pou moun ki mete nan tèt yo yo gen lespri!
Cursed are those who seem wise to themselves, and who take pride in their knowledge!
οὐαὶ οἱ συνετοὶ ἐν ἑαυτοῖς καὶ ἐνώπιον ἑαυτῶν ἐπιστήμονες
- 22 Madichon pou nou! Lè se boutèy diven pou nou desann, nou pa manke kouraj! Lè se gwòg pike pou nou konpoze, nou pa manke vanyan gason!
Cursed are those who are strong to take wine, and great in making mixed drinks!
οὐαὶ οἱ ἰσχύοντες ὑμῶν οἱ τὸν οἶνον πίνοντες καὶ οἱ δυνάσται οἱ κεραυνῶντες τὸ σικερα
- 23 Men, nou lage moun ki koupab yo pou lajan. Nou pa kite moun k'ap mache dwat yo jwenn jistis.
Who for a reward give support to the cause of the sinner, and who take away the righteousness of the upright from him.
οἱ δικαιοῦντες τὸν ἀσεβῆ ἔνεκεν δώρων καὶ τὸ δίκαιον τοῦ δικαίου αἶροντες
- 24 Se sa ki fè y'ap disparèt nou sou tè a tankou pay ak zèb chèch ki boule nan dife. Rasin yo ap pouri anba tè. Van ap pran flè yo, l'ap bwote yo ale tankou pousyè, paske yo pa t' koute lòd Seyè a, Bondye ki gen tout pouwa a, te ba yo. Yo te meprize kòmandman Bondye pèp Izrayèl la te bay.
For this cause, as the waste of the grain is burned up by tongues of fire, and as the dry grass goes down before the flame, so their root will be like the dry stems of grain, and their flower will go up in dust: because they have gone against the law of the Lord of armies, and have given no honour to the word of the Holy One of Israel.
διὰ τοῦτο ὃν τρόπον καυθήσεται καλάμη ὑπὸ ἄνθρακος πυρὸς καὶ συγκαυθήσεται ὑπὸ φλογὸς ἀνεμιένης ἡ ῥίζα αὐτῶν ὡς χυοῦς ἔσται καὶ τὸ ἄνθος αὐτῶν ὡς κονιορτὸς ἀναθήσεται οὐ γὰρ ἠθέλησαν τὸ ὄν νόμον κυρίου σαβαωθ ἀλλὰ τὸ λόγιον τοῦ ἁγίου ἰσραηλ παρώξυναν
- 25 Se sa ki fè tou, Seyè a te fache anpil sou pèp li a. Li te leve men l' sou yo, li frape yo. Lè sa a, mòn yo tranble. Kadav moun mouri yo ap trennen nan mitan lari tankou fatra. Men, se poko sa toujou!
Se atò Seyè a move. Li poko fin ak yo.
For this reason the wrath of the Lord has been burning against his people, and his hand has been stretched out against them in punishment, and the hills were shaking, and their dead bodies were like waste in the open places of the town.
καὶ ἐθυμώθη ὀργῇ κύριος σαβαωθ ἐπὶ τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ ἐπέβαλεν τὴν χεῖρα αὐτοῦ ἐπ' αὐτούς καὶ ἐπάταξεν αὐτούς καὶ παρωξύνθη τὰ ὄρη καὶ ἐγενήθη τὰ θνησιμαῖα αὐτῶν ὡς κοπρία ἐν μέσῳ ὁδοῦ καὶ ἐν πᾶσι τούτοις οὐκ ἀπεστράφη ὁ θυμὸς αὐτοῦ ἔτι ἡ χεῖρ ὑψηλή
- 26 Seyè a leve drapo l' pou l' bay siyal la. L'ap rele yon pèp ki byen lwen. L'ap souffle byen fò, l'ap rele moun soti jouk lòt bò nè, nan dènve bout latè. Gade! Y'ap vole konsa, y'ap kouri vini!
And he will let a flag be lifted up as a sign to a far-off nation, whistling to them from the ends of the earth: and they will come quickly and suddenly.
τοιγαροῦν ἀρεῖ σύσσημον ἐν τοῖς ἔθνεσιν τοῖς μακρὰν καὶ συριεῖ αὐτοῖς ἀπ' ἄκρου τῆς γῆς καὶ ἰδοὺ ταχὺ κούφος ἔρχονται
- 27 Pa gen yonn ladan yo ki bouke! Pa gen yonn ladan yo ki fè bitay! Yo pa konn sa ki rele kabicha, ale wè dòmi! Ren yo toujou mare. Sapat yo toujou mare byen sere nan pye yo.
There is no weariness among them, and no man is feeble-footed: they come without resting or sleeping, and the cord of their shoes is not broken.
οὐ πεινάσουσιν οὐδὲ κοπιήσουσιν οὐδὲ νυστάξουσιν οὐδὲ κοιμηθήσονται οὐδὲ λύσουσιν τὰς ζώνας αὐτῶν ἀπὸ τῆς ὀσφύος αὐτῶν οὐδὲ μὴ ῥαγῶσιν οἱ ἱμάντες τῶν ὑποδημάτων αὐτῶν
- 28 Pwent flèch yo taye byen fen. Banza yo tou pare pou tire. Pye chwal yo di kou wòch. Kabwèt yo woule vit tankou van siklòn.
Their arrows are sharp, and every bow is bent: the feet of their horses are like rock, and their wheels are like a rushing storm.
ὢν τὰ βέλη ὀξεία ἔστιν καὶ τὰ τόξα αὐτῶν ἐντεταμένα οἱ πόδες τῶν ἵππων αὐτῶν ὡς στερεὰ πέτρα ἐλογίσθησαν οἱ τροχοὶ τῶν ἀρμάτων αὐτῶν ὡς καταγίγς
- 29 Sòlda yo gwonde tankou femmèl lyon. Yo rele tankou yon bann ti lyon. Yo gwonde, yo tonbe sou bèt yo pran an, yo pote l' ale. Pa gen moun ki pou rache l' soti nan bouch yo!
The sound of their armies will be like the voice of a lion, and their war-cry like the noise of young lions: with loud cries they will come down on their food and will take it away safely, and there will be no one to take it out of their hands.
ὄρμωσιν ὡς λέοντες καὶ παρέστηκαν ὡς σκύμνος λέοντος καὶ ἐπιλήμψεται καὶ βοήσει ὡς θηρίου καὶ ἐκβαλεῖ καὶ οὐκ ἔσται ὁ ῥυόμενος αὐτούς
- 30 Jou sa a, y'ap gwonde sou pèp Izrayèl la. Y'ap fè bri tankou lanmè lè li move. Voye je, gade peyi a! Se renk fènwa ak tray pou tout moun. Nwaj nwa bouche toupatou nan syèl la!
And his voice will be loud over him in that day like the sounding of the sea: and if a man's eyes are turned to the earth, it is all dark and full of trouble; and the light is made dark by thick clouds.
καὶ βοήσει δι' αὐτούς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ὡς φωνὴ θαλάσσης κωμαιοῦσης καὶ ἐμβλέσονται εἰς τὴν γῆν καὶ ἰδοὺ σκότος σκληρὸν ἐν τῇ ἀπορίᾳ αὐτῶν

- 1 ¶ Lanne wa Ozyas mouri a, mwen wè Seyè a. Li te chita sou yon gwo fotèy byen wo. Ke rad li te plen tout tanp lan.
In the year of King Uzziah's death I saw the Lord seated in his place, high and lifted up, and the Temple was full of the wide skirts of his robe.
καὶ ἐγένετο τοῦ ἐνιαυτοῦ οὗ ἀπέθανεν οὐζίας ὁ βασιλεὺς εἶδον τὸν κύριον καθήμενον ἐπὶ θρόνου ὑψηλοῦ καὶ ἐπηρμένον καὶ πλήρης ὁ οἶκος τῆς δόξης αὐτοῦ
- 2 Yon bann bèt vivan te kanpe fè womm li. Yo te klere kou flanm dife. Yo chak te gen sis zèl, de zèl pou kouvri figi yo, de zèl pou kouvri pye yo, de zèl pou yo vole.
Over him were the winged ones: every one had six wings; two for covering his face, two for covering his feed, and two for flight.
καὶ σεραφιν εἰστήκεισαν κύκλω αὐτοῦ ἕξ πτέρυγες τῷ ἐνὶ καὶ ἕξ πτέρυγες τῷ ἐνὶ καὶ ταῖς μὲν δυσὶν κατεκάλυπτον τὸ πρόσωπον καὶ ταῖς δυσὶν κατεκάλυπτον τοὺς πόδας καὶ ταῖς δυσὶν ἐπέταντο
- 3 Yo t'ap pale yonn ak lòt byen fò. Yo t'ap di: -Seyè ki gen tout pouvwa a, li apa! Wi, li apa! Se yon Bondye ki apa vre! Pouvwa li kouvri tout latè.
And one said in a loud voice to another, Holy, holy, holy, is the Lord of armies: all the earth is full of his glory.
καὶ ἐκέκραγον ἕτερος πρὸς τὸν ἕτερον καὶ ἔλεγον ἅγιος ἅγιος ἅγιος κύριος σαβαωθ πλήρης πᾶσα ἡ γῆ τῆς δόξης αὐτοῦ
- 4 Tout potò kay Bondye a tranble lè bèt vivan yo t'ap rele konsa a. Lafimen te plen tout anndan tanp lan.
And the bases of the door-pillars were shaking at the sound of his cry, and the house was full of smoke.
καὶ ἐπήρθη τὸ ὑπέρθυρον ἀπὸ τῆς φωνῆς ἧς ἐκέκραγον καὶ ὁ οἶκος ἐπλήσθη καπνοῦ
- 5 ¶ Mwen di: -Nanpwen sove pou mwen! Jòdi a m'ap mouri vre! Paske tout pawòl ki soti nan bouch mwen se move pawòl. Epi m'ap viv nan mitan yon pèp ki pa janm gen bon pawòl nan bouch li. Lèfini, mwen wè Wa a, Seyè ki gen tout pouvwa a, avèk pwòp je m'.
Then I said, The curse is on me, and my fate is destruction; for I am a man of unclean lips, living among a people of unclean lips; for my eyes have seen the King, the Lord of armies.
καὶ εἶπα ὃ τάλας ἐγὼ ὅτι κατανένυμαι ὅτι ἄνθρωπος ὢν καὶ ἀκάθαρτα χεῖλη ἔχων ἐν μέσῳ λαοῦ ἀκάθαρτα χεῖλη ἔχοντος ἐγὼ οἰκῶ καὶ τὸν βασιλέα κύριον σαβαωθ εἶδον τοῖς ὀφθαλμοῖς μου
- 6 Yonn nan bèt vivan yo pran yon chabon dife tou limen ak yon pensèt sou lotèl la, li vole vin bò kote m' avèk chabon dife a nan men li.
Then a winged one came to me with a burning coal in his hand, which he had taken from off the altar with the fire-spoon.
καὶ ἀπεστάλη πρὸς με ἐν τῶν σεραφιν καὶ ἐν τῇ χειρὶ εἶχεν ἄνθρακα ὃν τῇ λαβίδι ἔλαβεν ἀπὸ τοῦ θυσιαστηρίου
- 7 Li kole l' sou bouch mwen, epi li di m' konsa! -Sa a kole sou po bouch ou. Koulye a, ou pa gen peche ankò. Bondye padonnen tou sa ou fè ki mal.
And after touching my mouth with it, he said, See, your lips have been touched with this; and your evil is taken away, and you are made clean from sin.
καὶ ἤψατο τοῦ στόματός μου καὶ εἶπεν ἰδοὺ ἤψατο τοῦτο τῶν χειλέων σου καὶ ἀφελεῖ τὰς ἀνομίας σου καὶ τὰς ἁμαρτίας σου περικαθαριεῖ
- 8 Apre sa, mwen tande Seyè a ki t'ap di: -Kilès mwen ta voye la a? Kilès ki ta asepte ale pou nou? Mwen di: -Men mwen. Voye m'!
And the voice of the Lord came to my ears, saying, Whom am I to send, and who will go for us? Then I said, Here am I, send me.
καὶ ἤκουσα τῆς φωνῆς κυρίου λέγοντος τίνα ἀποστείλω καὶ τίς πορεύσεται πρὸς τὸν λαὸν τοῦτον καὶ εἶπα ἰδοὺ εἰμι ἐγὼ ἀπόστειλόν με
- 9 ¶ Epi lè sa a, li di m': -Ale non. Men sa pou ou di pèp la: Louvri zòrèy nou jan nou vle, men nou p'ap konprann anyen! Louvri je nou jan nou vle, men nou p'ap wè sa k'ap rive!
And he said, Go, and say to this people, You will go on hearing, but learning nothing; you will go on seeing, but without getting wiser.
καὶ εἶπεν πορεύθητι καὶ εἰπὸν τῷ λαῷ τούτῳ ἀκοῆ ἀκούσετε καὶ οὐ μὴ συνήτε καὶ βλέποντες βλέψετε καὶ οὐ μὴ ἴδητε
- 10 Fè lespri pèp la vin lou! Bouche zòrèy yo! Mare je yo! Konsa, yo p'ap ka tande, yo p'ap ka wè, yo p'ap ka konprann. Yo p'ap ka tounen vin jwenn mwen pou m' geri yo.
Make the hearts of this people fat, and let their ears be stopped, and their eyes shut; for fear that they may see with their eyes, and be hearing with their ears, and their heart may become wise, and they may be turned to me and made well.
ἐπαχύνθη γὰρ ἡ καρδία τοῦ λαοῦ τούτου καὶ τοῖς ὠσίν αὐτῶν βαρέως ἤκουσαν καὶ τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτῶν ἐκάμυσαν μήποτε ἴδωσιν τοῖς ὀφθαλμοῖς καὶ τοῖς ὠσίν ἀκούσωσιν καὶ τῇ καρδίᾳ συνῶσιν καὶ ἐπιστρέψωσιν καὶ ἰάσονται αὐτούς
- 11 Lè sa a, mwen di: -Seyè! Kilè sa va sispann? Li reponn mwen: -Lè y'a fin kraze lavil yo. Lè p'ap gen moun ankò ki rete ladan yo. Lè tout kay yo va vid, lè jaden yo va tounen savann.
Then I said, Lord, how long? And he said in answer, Till the towns are waste and unpeopled, and the houses have no men, and the land becomes completely waste,
καὶ εἶπα ἕως πότε κύριε καὶ εἶπεν ἕως ἂν ἐρημωθῶσιν πόλεις παρὰ τὸ μὴ κατοικεῖσθαι καὶ οἴκοι παρὰ τὸ μὴ εἶναι ἀνθρώπους καὶ ἡ γῆ καταλειφθήσεται ἔρημος
- 12 Mwen menm, Seyè a, m'a mete tout moun deyò nan peyi a. Tout peyi a pral rete san moun ladan l'.
And the Lord has taken men far away, and there are wide waste places in the land.
καὶ μετὰ ταῦτα μακρυνεῖ ὁ θεὸς τοὺς ἀνθρώπους καὶ οἱ καταλειφθέντες πληθυνθήσονται ἐπὶ τῆς γῆς
- 13 Menm si rete yon sèl moun sou chak dis moun nan peyi a, y'ap toujou disparèt yo. Se va tankou lè yo koupe pye kajou ak pye bwadchenn. Chouk la ase ki va rete. Chouk sa a va pouse ankò, pèp Bondye a va kanpe ankò.
And even if there is still a tenth part in it, it will again be burned, like a tree of the woods whose broken end is still in the earth after the tree has been cut down (the holy seed is the broken end).
καὶ ἔτι ἐπ' αὐτῆς ἔστιν τὸ ἐπιδέκατον καὶ πάλιν ἔσται εἰς προνομῆν ὡς τερέβινθος καὶ ὡς βάλανος ὅταν ἐκπέσῃ ἀπὸ τῆς θήκης αὐτῆς

- 1 ¶ Lè sa a, se wa Akaz, pitit gason Jotam, pitit pitit gason Ozyas, ki t'ap gouvènen nan peyi Jida. Rezen, wa peyi Siri, ak Pekak, pitit Remalya, wa peyi Izrayèl, moute al atake lavil Jerizalèm. Men, yo pa t' ka pran l'.
- Now it came about in the days of Ahaz, the son of Jotham, the son of Uzziah, king of Judah, that Rezin, the king of Aram, and Pekah, the son of Remaliah, the king of Israel, came up to Jerusalem to make war against it, but were not able to overcome it.
- καὶ ἐγένετο ἐν ταῖς ἡμέραις ἀχαζ τοῦ ἰσραθαμ τοῦ υἱοῦ οὔζιου βασιλέως ἰουδα ἀνέβη ραασσων βασιλεὺς ἀραμ καὶ φακεε υἱὸς ρομελιου βασιλεὺς ἰσραηλ ἐπὶ ἱερουσαλημ πολεμήσαι αὐτήν καὶ οὐκ ἠδυνήθησαν πολιορκῆσαι αὐτήν
- 2 Yo pote nouvèl la bay wa peyi Jida a ansanm ak tout fanmi l'. Yo di l': -Lame peyi Siri a gen tan anvayi peyi Efrayim. Wa Akaz ansanm ak tout pèp la te sitèlman pè yo t'ap tranble tankou fèy bwa lè van ap souffle.
- And word came to the family of David that Aram had put up its tents in Ephraim. And the king's heart, and the hearts of his people, were moved, like the trees of the wood shaking in the wind.
- καὶ ἀνηγγέλη εἰς τὸν οἶκον δαυιδ λέγοντες συνεφώνησεν ἀραμ πρὸς τὸν εφραιμ καὶ ἐξέστη ἡ ψυχὴ αὐτοῦ καὶ ἡ ψυχὴ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ ὃν τρόπον ὅταν ἐν δρυμῶ ξύλων ὑπὸ πνεύματος σαλευθῆ
- 3 Seyè a di Ezayi konsa: -Pran Chea-Jachoub, pitit gason ou lan, avè ou. Al kontre wa Akaz. W'a jwenn li sou wout ap moute bò kote yo konn lave twal ki fèk tenn yo, nan direksyon kannal ki bay dlo nan rezènwà anwo lavil la.
- Then the Lord said to Isaiah, Go out now, you and Shear-jashub, your son, and you will come across Ahaz at the end of the stream flowing from the higher pool, in the highway of the washerman's field;
- καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἠσαιαν ἐξελθε εἰς συνάντησιν ἀχαζ σὺ καὶ ὁ καταλειφθεὶς ἰασουβ ὁ υἱὸς σου πρὸς τὴν κολυμβήθραν τῆς ἄνω ὁδοῦ τοῦ ἀγροῦ τοῦ γναφέως
- 4 W'a di l' pou l' fè atansyon pou l' pa pèdi tèt li. Li pa bezwen pè. Li pa bezwen gen kè sote pou de ti bout bwa dife k'ap fè lafimen, ki vle di pou wa Rezen, moun peyi Siri a, ak pou wa Pekaz, pitit Remalya a, k'ap fè kòlè.
- And say to him, Take care and be quiet; have no fear, and do not let your heart be feeble, because of these two ends of smoking fire-wood, because of the bitter wrath of Rezin and Aram, and of the son of Remaliah.
- καὶ ἐρεῖς αὐτῷ φύλαξαι τοῦ ἠσυχάσαι καὶ μὴ φοβοῦ μηδὲ ἡ ψυχὴ σου ἀσθενεῖτω ἀπὸ τῶν δύο ξύλων τῶν δαλῶν τῶν καπνιζομένων τούτων ὅταν γὰρ ὄργη τοῦ θυμοῦ μου γένηται πάλιν ἰάσομαι
- 5 Moun peyi Siri yo ansanm ak moun Efrayim yo ak pitit Remalya a ap fè konplo sou do ou.
- Because Aram has made evil designs against you, saying,
- καὶ ὁ υἱὸς τοῦ ἀραμ καὶ ὁ υἱὸς τοῦ ρομελιου ὅτι ἐβουλεύσαντο βουλὴν πονηρὰν περὶ σοῦ λέγοντες
- 6 Yo di y'ap moute atake peyi Jida a. Yo pral kraponnen moun yo, yo pral fè kèk moun nan peyi a pran pozisyon pou yo pou yo ka mete men sou peyi a. Apre sa, yo pral pran pitit gason Tableyèl la, y'ap nonnen l' wa pou gouvènen peyi a.
- Let us go up against Judah, troubling her, and forcing our way into her, and let us put up a king in her, even the son of Tabeel:
- ἀναβησόμεθα εἰς τὴν ἰουδαίαν καὶ συλλαλήσαντες αὐτοῖς ἀποστρέψομεν αὐτούς πρὸς ἡμᾶς καὶ βασιλεύσομεν αὐτῆς τὸν υἱὸν ταβεηλ
- 7 Enben! Men sa mwen menm, Seyè ki sèl mèl la, mwen di: Sa p'ap mache! Sa p'ap pase konsa!
- This is the word of the Lord God: This design will not come about or be effected.
- τάδε λέγει κύριος σαβαωθ οὐ μὴ ἐμμείνη ἡ βουλή αὕτη οὐδὲ ἔσται
- 8 Poukisa? Lavil Damas se kapital peyi Siri. Rezen se wa lavil Damas. Pou pèp peyi Izrayèl la menm, m' pa ba l' swasanssenkan ankò, peyi yo a ap fin kraze, yo p'ap yon nasyon ankò.
- For the head of Aram is Damascus, and the head of Damascus is Rezin (and in sixty-five years from now Ephraim will be broken, and will no longer be a people):
- ἀλλ' ἡ κεφαλὴ ἀραμ δαμασκός ἀλλ' ἔτι ἐξήκοντα καὶ πέντε ἐτῶν ἐκλείψει ἡ βασιλεία εφραιμ ἀπὸ λαοῦ
- 9 Lavil Samari se kapital peyi Izrayèl la. Pekak, pitit gason Remalya a, se wa lavil Samari. Si nou pa kenbe konfyans nou fèm nan Bondye, nou menm tou nou p'ap chape.
- And the head of Ephraim is Samaria, and the head of Samaria is Remaliah's son. If you will not have faith, your kingdom will be broken.
- καὶ ἡ κεφαλὴ εφραιμ σομορων καὶ ἡ κεφαλὴ σομορων υἱὸς τοῦ ρομελιου καὶ ἐὰν μὴ πιστεύσητε οὐδὲ μὴ συνήτε
- 10 ¶ Seyè a voye yon lòt komisyon bay wa Akaz. Li di l' konsa:
- And Isaiah said again to Ahaz,
- καὶ προσέθετο κύριος λαλήσαι τῷ ἀχαζ λέγων
- 11 -Mande Seyè a, Bondye ou la, pou li ba ou yon siy. Se ka yon siy ki soti anba tè kote mò yo ye a, se ka yon siy ki soti anwo nan syèl la.
- Make a request to the Lord your God for a sign, a sign in the deep places of the underworld, or in the high heavens.
- αἰτήσαι σεαυτῷ σημεῖον παρὰ κυρίου θεοῦ σου εἰς βάθος ἢ εἰς ὕψος
- 12 Akaz reponn: -Mwen p'ap mande Seyè a anyen. Mwen p'ap sonde l'.
- But Ahaz said, I will not put the Lord to the test by making such a request.
- καὶ εἶπεν ἀχαζ οὐ μὴ αἰτήσω οὐδ' οὐ μὴ πειράσω κύριον

- 13 Lè sa a, Ezayi di konsa: -Koute non, moun fanmi David yo! Sa pa kont nou toujou? Jan nou fè moun bouke ak nou pou koulye a nou soti pou nou fè Bondye mwen an bouke ak nou tou?
And he said, Give ear now, O family of David: is it not enough that you are driving men to disgust? will you do the same to my God?
καὶ εἶπεν ἀκούσατε δὴ οἶκος δαυὶδ μὴ μικρὸν ὑμῖν ἀγῶνα παρέχειν ἀνθρώποις καὶ πῶς κυρίῳ παρέχετε ἀγῶνα
- 14 Enben! Se Seyè a menm ki pral ban nou yon siy. Men li: Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l'a rele l' Emannwèl (ki vle di: Bondye avèk nou).
For this cause the Lord himself will give you a sign; a young woman is now with child, and she will give birth to a son, and she will give him the name Immanuel.
διὰ τοῦτο δώσει κύριος αὐτὸς ὑμῖν σημεῖον ἰδοὺ ἡ παρθένος ἐν γαστρὶ ἔξει καὶ τέξεται υἱὸν καὶ καλέσεις τὸ ὄνομα αὐτοῦ εμμανουήλ.
- 15 Se lèt ak siwo myèl ase l'a manje jouk l'a rive laj pou l' konnen sa ki mal ak sa ki byen.
Butter and honey will be his food, when he is old enough to make a decision between evil and good.
βούτυρον καὶ μέλι φάγεται πρὶν ἢ γνῶναι αὐτὸν ἢ προελεῖσθαι πονηρὰ ἐκλέξεται τὸ ἀγαθόν
- 16 Men, anvan menm ti gason an rive konnen sa ki byen ak sa ki mal, peyi de wa sa yo k'ap fè ou pè a ap rete konsa san pyès moun ladan yo.
For before the child is old enough to make a decision between evil and good, the land whose two kings you are now fearing will have become waste.
διότι πρὶν ἢ γνῶναι τὸ παιδίον ἀγαθὸν ἢ κακὸν ἀπειθεῖ πονηρία τοῦ ἐκλέξασθαι τὸ ἀγαθὸν καὶ καταλειφθήσεται ἡ γῆ ἣν σὺ φοβῆ ἀπὸ προσώπου τῶν δύο βασιλέων
- 17 ¶ Seyè a pral fè yon malè sou ou, sou pèp la ak sou tout fanmi David, granpapa ou la, yon malè ki pral pi mal pase lè moun Efrayim yo te separe ak moun Jida yo. L'ap fè wa peyi Lasiri a parèt sou nou.
The Lord is about to send on you, and on your people, and on your father's house, such a time of trouble as there has not been from the days of the separating of Ephraim from Judah; even the coming of the king of Assyria.
ἀλλὰ ἐπάξει ὁ θεὸς ἐπὶ σὲ καὶ ἐπὶ τὸν λαόν σου καὶ ἐπὶ τὸν οἶκον τοῦ πατρὸς σου ἡμέρας αἰ οὐπω ἦκασιν ἀφ' ἧς ἡμέρας ἀφείλεν εφραιμ ἀπὸ ἰουδα τὸν βασιλεῦα τῶν ἀσσυρίων
- 18 Lè sa a, Seyè a pral soufle pou moun peyi Lejip yo soti tankou mouch byen lwen, bò dlo larivyè Nil la. L'ap rele moun peyi Lasiri yo pou yo soti tankou lesen myèl lakay yo.
And it will be in that day that the Lord will make a piping sound for the fly which is in the end of the rivers of Egypt, and for the bee which is in the land of Assyria.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ συρρεῖ κύριος μυῖαις ὁ κυριεύει μέρους ποταμοῦ αἰγύπτου καὶ τῇ μελίσση ἣ ἔστιν ἐν χώρᾳ ἀσσυρίων
- 19 Yo pral vin plen falèz yo ak tout twou wòch yo. Yo pral toupatou nan tout raje, nan tout jaden zèb.
And they will come, covering all the waste valleys, and the holes of the rocks, and the thorns, and all the watering-places.
καὶ ἐλεύσονται πάντες καὶ ἀναπαύσονται ἐν ταῖς φάραγξι τῆς χώρας καὶ ἐν ταῖς τρώγλαις τῶν πετρῶν καὶ εἰς τὰ σπήλαια καὶ εἰς πᾶσαν ῥαγάδα καὶ ἐν παντὶ ζύλῳ
- 20 Jou sa a, Seyè a ap fè wa peyi Lasiri a soti lòt bò larivyè Lefrat. Li va tankou yon razwa. L'ap vini, l'ap koupe tout bab ou, tout cheve nan tèt ou ak tout plim sou kò ou.
In that day will the Lord take away the hair of the head and of the feet, as well as the hair of the face, with a blade got for a price from the other side of the River; even with the king of Assyria.
ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ξυρήσει κύριος τῷ ξυρῶ τῷ μεγάλῳ καὶ μεμεθυσμένῳ ὃ ἔστιν πέραν τοῦ ποταμοῦ βασιλέως ἀσσυρίων τὴν κεφαλὴν καὶ τὰς τρίχας τῶν ποδῶν καὶ τὸν πώγωνα ἀφελεῖ
- 21 Jou sa a, chak moun va gen yon gazèl bèf ak de mouton pou yo chak.
And it will be in that day that a man will give food to a young cow and two sheep;
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ θρέψει ἄνθρωπος δάμαλιν βοῶν καὶ δύο πρόβατα
- 22 Lè sa a, bèt yo va bay lèt an kantite, tout moun va bwè lèt plen vant yo. Wi, moun ki va chape anba lanmò nan peyi a va bwè lèt ak siwo myèl ase.
And they will give so much milk that he will be able to have butter for his food: for butter and honey will be the food of all who are still living in the land.
καὶ ἔσται ἀπὸ τοῦ πλεῖστον ποιεῖν γάλα βούτυρον καὶ μέλι φάγεται πᾶς ὁ καταλειφθεὶς ἐπὶ τῆς γῆς
- 23 Jou sa a, kote ki te gen mil (1.000) pye rezen, epi ki te vo mil (1.000) pyès an ajan va plen pikan ak raje.
And it will be in that day that in every place where before there were a thousand vines valued at a thousand shekels of silver, there will be nothing but blackberries and thorns.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ πᾶς τόπος οὗ ἔαν ὄσιν χίλια ἄμπελοι χιλίων σίκλων εἰς χέρσον ἔσονται καὶ εἰς ἄκανθα
- 24 Si yon moun pa gen zam nan men l', li p'ap ka pase la. Wi, pikan ak raje pral kouvri tout peyi a.
Men will come there with bows and arrows, because all the land will be full of blackberries and thorns.
μετὰ βέλους καὶ τοξεύματος εἰσελεύσονται ἐκεῖ ὅτι χέρσος καὶ ἄκανθα ἔσται πᾶσα ἡ γῆ
- 25 Nan tout mòn kote yo te konn travay ak wou pou plante, pesonn p'ap ka ale la ankò poutèt pikan ak raje. Se bèf y'a lage la, se la mouton yo pral manje.
And they will send out the oxen and the sheep on all the hills which before were worked with the spade, ... fear of blackberries and thorns.
καὶ πᾶν ὄρος ἀροτριώμενον ἀροτριάθησεται καὶ οὐ μὴ ἐπέλθῃ ἐκεῖ φόβος ἔσται γὰρ ἀπὸ τῆς χέρσου καὶ ἀκάνθης εἰς βόσκημα προβάτου καὶ εἰς καταπάτημα βοός

- 1 ¶ Seyè a pale avè m', li di m' konsa: -Pran yon gwo wòch plat ak yon sizo mason. Ekri pawòl sa yo sou li an gwo lèt: Prese piye, prese devalize.
And the Lord said to me, Take a great writing-board, and on it put down in common letters, Maher-shalal-hash-baz;
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με λαβὲ σεαυτῷ τόμον καινοῦ μεγάλου καὶ γράψον εἰς αὐτὸν γραφίδι ἀνθρώπου τοῦ ὀξέως προνομῆν ποιῆσαι σκύλων πάρεστιν γάρ
- 2 Lèfini, mwen pran de moun serye, Ouri, yon prèt, ak Zakari, pitit Jeberekiya a, pou yo sèvi m' temwen.
And take true witnesses to the writing, Uriah the priest, and Zechariah, the son of Jeberechiah.
καὶ μάρτυράς μοι ποιήσον πιστοὺς ἀνθρώπους τὸν ουριαν καὶ τὸν ζαχαριαν υἱὸν βαραχιου
- 3 Apre sa, m' al kouche ak madanm mwen. Li vin ansent, li fè yon pitit gason. Seyè a di m' konsa: -W'a rele l': Prese piye, prese devalize.
And I went in to my wife, and she became with child, and gave birth to a son. Then the Lord said to me, Give him the name Maher-shalal-hash-baz,
καὶ προσῆλθον πρὸς τὴν προφήτιν καὶ ἐν γαστρὶ ἔλαβεν καὶ ἔτεκεν υἱὸν καὶ εἶπεν κύριός μοι κάλεσον τὸ ὄνομα αὐτοῦ ταχέως σκύλευσον ὀξέως προνόμεισον
- 4 Paske, anvan pitit la ka pale pou l' di papa manman, moun peyi Lasiri yo va gen tan pran tout richès moun lavil Damas yo ak tou sa moun Samari yo pran nan piyay, y'a pote yo ale bay wa pa yo a.
For before the child is able to say, Father, or, Mother, the wealth of Damascus and the goods of Samaria will be taken away by the king of Assyria.
διότι πρὶν ἢ γνῶναι τὸ παιδίον καλεῖν πατέρα ἢ μητέρα λήμψεται δύναμιν δαμασκοῦ καὶ τὰ σκύλα σαμαρείας ἔναντι βασιλέως ἀσσυρίων
- 5 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the Lord said again to me,
καὶ προσέθετο κύριος λαλήσαι μοι ἔτι
- 6 -Paske pèp la meprize dlo larivyè Siloe a k'ap koule tou dousman, paske yo tranble devan wa Rezen ak wa Pekkak, pitit Remalya a,
Because this people will have nothing to do with the softly-flowing waters of Shiloah, and have fear of Rezin and Remaliah's son;
διὰ τὸ μὴ βούλεσθαι τὸν λαὸν τοῦτον τὸ ὕδωρ τοῦ σιλωαμ τὸ πορευόμενον ἡσυχῇ ἀλλὰ βούλεσθαι ἔχειν τὸν ρασσων καὶ τὸν υἱὸν ρομελιου βασιλέα ἐφ' ὕμῶν
- 7 mwen menm, Seyè a, m'ap fè wa peyi Lasiri a vin atake yo ak tout fòs li. L'ap vini tankou dlo gwo larivyè Lefrat la lè l'ap desann. L'ap gonfle, l'ap debòde sou tout rivaj li yo.
For this cause the Lord is sending on them the waters of the River, deep and strong, even the king of Assyria and all his glory: and it will come up through all its streams, overflowing all its edges:
διὰ τοῦτο ἰδοὺ ἀνάγει κύριος ἐφ' ὑμᾶς τὸ ὕδωρ τοῦ ποταμοῦ τὸ ἰσχυρὸν καὶ τὸ πολὺ τὸν βασιλέα τῶν ἀσσυρίων καὶ τὴν δόξαν αὐτοῦ καὶ ἀναβήσεται ἐπὶ πᾶσαν φάραγγα ὕμῶν καὶ περιπατήσεται ἐπὶ πᾶν τεῖχος ὕμῶν
- 8 L'ap anvayi tout peyi Jida a, l'ap rive ra kou, l'ap kouvri tout peyi a. Bondye avèk nou! L'ap pwoteje peyi a anba zèl li!
And it will come on into Judah; rushing on and overflowing, till the waters are up to the neck; *** and his outstretched wings will be covering the land from side to side: for God is with us.
καὶ ἀφελεῖ ἀπὸ τῆς ιουδαίας ἄνθρωπον ὃς δυνήσεται κεφαλὴν ἄραι ἢ δυνατὸν συντελέσασθαι τι καὶ ἔσται ἡ παρεμβολὴ αὐτοῦ ὥστε πληρῶσαι τὸ πλάτος τῆς χώρας σου μεθ' ἡμῶν ὁ θεός
- 9 ¶ Nou menm, moun tout nasyon yo, manyè konn sa! Nou mèt tranble! Nou menm ki rete nan peyi byen lwen, louvri zòrèy nou! Pare pou nou goumen! Men, konnen nou anba kou! Wi, mwen di nou pare pou nou goumen. Men, konnen nou anba kou!
Have knowledge, O peoples, and be in fear; give ear, all you far-off parts of the earth:
γινῶτε ἔθνη καὶ ἠττάσθε ἐπακούσατε ἕως ἐσχάτου τῆς γῆς ἰσχυρότερες ἠττάσθε ἐὰν γὰρ πάλιν ἰσχύσητε πάλιν ἠττηθήσεσθε
- 10 Nou mèt fè plan nou. Men, sa p'ap mache! Nou mèt pale jan nou vle. Men, sa p'ap sèvi nou anyen, paske nou menm patizan Bondye yo, se Bondye ki avèk nou!
Let your designs be formed, and they will come to nothing; give your orders, and they will not be effected: for God is with us.
καὶ ἦν ἂν βουλευθήσεσθε βουλὴν διασκεδάσει κύριος καὶ λόγον ὃν ἐὰν λαλήσητε οὐ μὴ ἐμμείνη ὑμῖν ὅτι μεθ' ἡμῶν κύριος ὁ θεός
- 11 Wi, Seyè a lonje men l', li pran m'. Li tou pale m' pou m' pa swiv chemen pèp la t'ap swiv la. Li di m' konsa:
For the Lord, controlling me with a strong hand, gave me orders not to go in the way of this people, saying,
οὕτως λέγει κύριος τῇ ἰσχυρᾷ χειρὶ ἀπειθοῦσιν τῇ πορείᾳ τῆς ὁδοῦ τοῦ λαοῦ τοῦτου λέγοντες
- 12 Pa rele konplo sa pèp la rele konplo. Ou pa bezwen pè sa pèp la pè a. Wi, ou pa bezwen gen kè sote.
Do not say, It is holy, about everything of which this people says, It is holy; and do not be in fear of what they go in fear of.
μήποτε εἶπητε σκληρόν πᾶν γάρ ὃ ἐὰν εἶπῃ ὁ λαὸς οὗτος σκληρόν ἐστὶν τὸν δὲ φόβον αὐτοῦ οὐ μὴ φοβηθῆτε οὐδὲ μὴ παραχθῆτε
- 13 Chonje, se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, pou nou konsidere tankou Bondye apa a! Se mwen menm pou nou pè. Se pou mwen nou dwe gen krentif.
But let the Lord of armies be holy to you, and go in fear of him, giving honour to him.
κύριον αὐτὸν ἀγιάσατε καὶ αὐτὸς ἔσται σου φόβος

- 14 Paske se mwen menm ki yon Bondye apa. M'ap tounen yon wòch k'ap fè nou bite, yon wòch k'ap fè moun peyi Izrayèl yo ak moun peyi Jida yo tonbe! M'ap tounen yon move pa, yon pèlen pou moun lavil Jerizalèm yo.
And he will be for a holy place: but for a stone of falling and a rock of trouble to the two houses of Israel, and to the men of Jerusalem, for a net in which they may be taken.
 και ἐὰν ἐπ' αὐτῷ πεποιθὸς ἦς ἔσται σοι εἰς ἀγίασμα καὶ οὐχ ὡς λίθου προσκόματι συναντήσεσθε αὐτῷ οὐδὲ ὡς πέτρας πτώματι ὃ δὲ οἶκος ἰακωβ ἐν παγίδι καὶ ἐν κουλιάσματι ἐγκαθήμενοι ἐν ἱερουσαλημ
- 15 Anpil moun pral bite, y'ap tonbe, y'ap kase ren yo. Y'ap tonbe nan pèlen an, y'ap pran ladan l'.
And numbers of them, falling on the stone, will be broken, and will be taken in the net.
 διὰ τοῦτο ἀδυνατήσουσιν ἐν αὐτοῖς πολλοὶ καὶ πεσοῦνται καὶ συντριβήσονται καὶ ἐγγιῶσιν καὶ ἀλώσονται ἄνθρωποι ἐν ἀσφαλείᾳ ὄντες
- 16 ¶ Se pou patizan m' yo kenbe pawòl Bondye di m' lan. Se pou yo kenbe lòd Bondye yo nan kè yo!
Let my teaching be kept secret: and my words be given to my disciples only.
 τότε φανεροὶ ἔσονται οἱ σφραγιζόμενοι τὸν νόμον τοῦ μὴ μαθεῖν
- 17 Seyè a vire do l' bay moun fanmi Jakòb yo. Men, mwen menm m'ap konte sou li, m'ap mete tout espwa m' nan li.
And I will be waiting for the Lord, whose face is veiled from the house of Jacob, and I will be looking for him.
 καὶ ἐρεῖ μενῶ τὸν θεὸν τὸν ἀποστρέψαντα τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἀπὸ τοῦ οἴκου ἰακωβ καὶ πεποιθὸς ἔσομαι ἐπ' αὐτῷ
- 18 Men mwen ansanm ak tout pitit Seyè a ban mwen yo! Seyè ki gen tout pouvwa a, li menm ki rete sou mòn Siyon an, li fè nou tounen yon siy nan mitan pèp la pou nou moutre sa ki pral rive.
See, I and the children whom the Lord has given me, are for signs and for wonders in Israel from the Lord of armies, whose resting-place is in Mount Zion.
 ἰδοὺ ἐγὼ καὶ τὰ παιδιά ἃ μοῦ ἔδωκεν ὁ θεός καὶ ἔσται εἰς σημεῖα καὶ τέρατα ἐν τῷ οἴκῳ ἰσραηλ παρὰ κυρίου σαβαοθ ὃς κατοικεῖ ἐν τῷ ὄρει σιών
- 19 Si pèp la mande nou pou n' al kay divinò ak moun k'ap rele mò, yon bann moun k'ap pale chwichwi pou moun pa ka konprann, si yo di nou: Eske moun pa gen dwa mande bondye yo sa pou yo fè? Eske yo pa gen dwa al rele mò yo pou vivan yo?
And when they say to you, Make request for us to those who have control of spirits, and to those wise in secret arts, who make hollow bird-like sounds; is it not right for a people to make request to their gods, to make request for the living to the dead?
 και ἐὰν εἴπωσιν πρὸς ὑμᾶς ζητήσατε τοὺς ἀπὸ τῆς γῆς φωνοῦντας καὶ τοὺς ἐγγαστριμύθους τοὺς κενολογοῦντας οἱ ἐκ τῆς κουλίας φωνοῦσιν οὐκ ἔθνος πρὸς θεὸν αὐτοῦ τί ἐκζητοῦσιν περὶ τῶν ζώντων τοὺς νεκρούς
- 20 W'a reponn yo: Koute pawòl Seyè a, koute sa li te moutre nou an! Si nou koute moun k'ap di nou fè lòt bagay, n'ap toujou rete nan fènwa.
Then say to them, Put your faith in the teaching and the witness. ... If they do not say such things. ... For him there is no dawn. ...
 νόμον γὰρ εἰς βοήθειαν ἔδωκεν ἵνα εἴπωσιν οὐχ ὡς τὸ ῥῆμα τοῦτο περὶ οὗ οὐκ ἔστιν δῶρα δοῦναι περὶ αὐτοῦ
- 21 Moun pral pwonmennen mache nan tout peyi a, y'ap dekouraje, y'ap grangou. Grangou pral fè yo move, y'a rive rele madichon pou wa yo a ansanm ak Bondye yo a. Y'a leve je yo gade nan syèl,
And he will go through the land in bitter trouble and in need of food; and when he is unable to get food, he will become angry, cursing his king and his God, and his eyes will be turned to heaven on high;
 καὶ ἦξει ἐφ' ὑμᾶς σκληρὰ λιμός καὶ ἔσται ὡς ἂν πεινάσητε λυπηθήσεσθε καὶ κακῶς ἐρεῖτε τὸν ἄρχοντα καὶ τὰ παταχρα καὶ ἀναβλέψονται εἰς τὸν οὐρανὸν ἄνω
- 22 y'a bese je yo gade atè. Toupatou se va renk kè sere ak fènwa, yon fènwa k'ap fè kè tout moun kase. Y'ap pèdi nan gwo fènwa. Tout moun nan peyi a te mèt gen kè kase, rive yon lè sa gen pou chanje, fènwa a p'ap toujou rete la.
And he will be looking down on the earth, and there will be trouble and dark clouds, black night where there is no seeing.
 καὶ εἰς τὴν γῆν κάτω ἐμβλέψονται καὶ ἰδοὺ θλίψις καὶ στενοχωρία καὶ σκότος ἀπορία στενὴ καὶ σκότος ὥστε μὴ βλέπειν
- 1 ¶ Te gen yon lè, peyi fanmi Zablon yo ak peyi fanmi Neftali yo t'ap drive nan labou. Men pita, va rive yon lè tout rejyon an, pran depi lanmè Meditèrane rive bò larivyè Jouden, moute peyi Galile kote moun lòt nasyon yo rete a, tout rejyon an va kanpe ankò.
In earlier times he made the land of Zebulun and the land of Naphtali of small value, but after that he gave it glory, by the way of the sea, on the other side of Jordan, Galilee of the nations.
 ὃ λαὸς ὁ πορευόμενος ἐν σκότει ἴδετε φῶς μέγα οἱ κατοικοῦντες ἐν χώρᾳ καὶ σκιᾷ θανάτου φῶς λάμπει ἐφ' ὑμᾶς
- 2 Pèp ki t'ap mache nan fènwa a wè yon gwo limyè. Yo te rete nan yon peyi kouvri ak fènwa. Men, koulye a yon limyè vin klere yo!
The people who went in the dark have seen a great light, and for those who were living in the land of the deepest night, the light is shining.
 τὸ πλεῖστον τοῦ λαοῦ ὃ κατήγαγες ἐν εὐφροσύνῃ σου καὶ εὐφρανθήσονται ἐνώπιόν σου ὡς οἱ εὐφραϊνόμενοι ἐν ἀμῆτῳ καὶ ὃν τρόπον οἱ διαιρούμενοι σκῦλα
- 3 Ou fè yo vin anpil, Seyè! Ou ba yo gwo kè kontan. Yo te kontan wè sa ou fè pou yo, tankou moun k'ap fè fèt lè sezon rekòt, tankou moun k'ap fè gwo fèt lè y'ap separe sa yo pran nan lagè.
You have made them very glad, increasing their joy. They are glad before you as men are glad in the time of getting in the grain, or when they make division of the goods taken in war.
 διότι ἀφῆρηται ὁ ζυγὸς ὃ ἐπ' αὐτῶν κείμενος καὶ ἡ ῥάβδος ἣ ἐπὶ τοῦ τραχήλου αὐτῶν τὴν γὰρ ῥάβδον τῶν ἀπαιτούντων διεσκεδάσεν κύριος ὡς τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἐπὶ μαδιαμ

- 4 Paske ou kraze bout bwa ki te mare dèyè kou yo a, baton ki t'ap peze zepòl yo a! Wi, Seyè! Ou kraze bout fè nan men moun ki t'ap fè yo pase tray la, tankou jou lè ou te kraze moun Madyan yo!
For by your hand the yoke on his neck and the rod on his back, even the rod of his cruel master, have been broken, as in the day of Midian.
 ὅτι πᾶσαν στολὴν ἐπισυνηγμένην δόλω καὶ ἱμάτιον μετὰ καταλλαγῆς ἀποτείσουσιν καὶ θελήσουσιν εἰ ἐγενήθησαν πυρκαϊστοὶ
- 5 Tout soulye sòlda ki t'ap plede fè bri yo, tout rad sòlda ki te plen san yo, yo pral boule sa nan dife.
For every boot of the man of war with his sounding step, and the clothing rolled in blood, will be for burning, food for the fire.
 ὅτι παιδίον ἐγεννήθη ἡμῖν υἱὸς καὶ ἐδόθη ἡμῖν οὗ ἡ ἀρχὴ ἐγενήθη ἐπὶ τοῦ ὤμου αὐτοῦ καὶ καλεῖται τὸ ὄνομα αὐτοῦ μεγάλης βουλῆς ἄγγελος ἐγὼ γὰρ ἄξω εἰρήνην ἐπὶ τοὺς ἄρχοντας εἰρήνην καὶ ὕγαιαν αὐτῷ
- 6 Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap bay kè poze a!
For to us a child has come, to us a son is given; and the government has been placed in his hands; and he has been named Wise Guide, Strong God, Father for ever, Prince of Peace.
 μεγάλη ἡ ἀρχὴ αὐτοῦ καὶ τῆς εἰρήνης αὐτοῦ οὐκ ἔστιν ὄριον ἐπὶ τὸν θρόνον δαυὶδ καὶ τὴν βασιλείαν αὐτοῦ κατορθῶσαι αὐτὴν καὶ ἀντιλαβέσθαι αὐτῆς ἐν δικαιοσύνῃ καὶ ἐν κρίματι ἀπὸ τοῦ νῦν καὶ εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον ὁ ζήλος κυρίου σαβαωθ ποιήσει ταῦτα
- 7 Gouvènman li p'ap gen finisman. Nan peyi l'ap gouvènè an se va kè poze san rete. L'ap chita sou fotèy wa David la. L'ap gouvènè peyi wa David la. L'ap fè gouvènman an byen chita, l'ap ba li bon pye paske l'ap fè sa ki dwat. Li p'ap nan patipri, depi koulye a jouk sa kaba. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki sot pou fè tou sa rive vre!
Of the increase of his rule and of peace there will be no end, on the seat of David, and in his kingdom; to make it strong, supporting it with wise decision and righteousness, now and for ever. By the fixed purpose of the Lord of armies this will be done.
 θάνατον ἀπέστειλεν κύριος ἐπὶ ἰακώβ καὶ ἦλθεν ἐπὶ ἰσραὴλ.
- 8 ¶ Seyè a fè konnen desizyon l' sou peyi Izrayèl la ak sou moun fanmi Jakòb yo.
The Lord has sent a word to Jacob, and it has come on Israel;
 καὶ γίνονται πᾶς ὁ λαὸς τοῦ εφραϊμ καὶ οἱ ἐγκαθήμενοι ἐν σαμαρείᾳ ἐφ' ὄβρει καὶ ὑψηλῇ καρδίᾳ λέγοντες
- 9 Tout pèp Izrayèl la, tout moun ki rete lavil Samari yo va konn sa l' te di a. Men, yo sitèlman gen lògèy, yo sitèlman awogan, y'ap di:
And all the people will have experience of it, even Ephraim and the men of Samaria, who say in the pride of their uplifted hearts,
 πλίνθοι πεπτώκασιν ἀλλὰ δεῦτε λαξεύσωμεν λίθους καὶ ἐκκόψωμεν συκαμίνους καὶ κέδρους καὶ οἰκοδομήσωμεν ἑαυτοῖς πύργον
- 10 Kay brik yo kraze, n'a bati lòt ak wòch taye. Yo koupe poto sikomò yo jete, n'a fè lòt ak bwa sèd mete nan plas yo.
The bricks have come down, but we will put up buildings of cut stone in their place: the sycamores are cut down, but they will be changed to cedars.
 καὶ ῥάξει ὁ θεὸς τοὺς ἐπανιστανομένους ἐπ' ὄρος σιων ἐπ' αὐτοὺς καὶ τοὺς ἐχθροὺς αὐτῶν διασκεδάσει
- 11 Seyè a fè lènmi pèp Izrayèl la leve dèyè l'. L'ap fè chèf lame wa Rezen lan atake l'.
For this cause the Lord has made strong the haters of Israel, driving them on to make war against him;
 συρίαν ἀφ' ἡλίου ἀνατολῶν καὶ τοὺς ἔλληνας ἀφ' ἡλίου δυσμῶν τοὺς κατεσθίοντας τὸν ἰσραὴλ ὅλω τῷ στόματι ἐπὶ τούτοις πᾶσιν οὐκ ἀπεστράφη ὁ θυμὸς ἀλλ' ἔτι ἡ χεὶρ ὑψηλῇ
- 12 Peyi Lasiri sou bò solèy leve, peyi Filisti sou bò solèy kouche, y'ap devore pèp Izrayèl la ak gwo koutdan. Men, se poko sa toujou! Se atò Seyè a move. Li poko fin regle ak yo.
Aram on the east, and the Philistines on the west, who have come against Israel with open mouths. For all this his wrath is not turned away, but his hand is stretched out still.
 καὶ ὁ λαὸς οὐκ ἀπεστράφη ἕως ἐπλήγῃ καὶ τὸν κύριον οὐκ ἐξεζήτησαν
- 13 Pèp Izrayèl la pa chanje. Yo pa tounen vin jwenn moun ki t'ap pini yo a, Seyè ki gen tout pouvwa a.
But the heart of the people was not turned to him who sent punishment on them, and they made no prayer to the Lord of armies.
 καὶ ἀφεῖλεν κύριος ἀπὸ ἰσραὴλ κεφαλὴν καὶ οὐράν μέγαν καὶ μικρὸν ἐν μιᾷ ἡμέρᾳ
- 14 Yon sèl jou a, Seyè a ap koupe ni tèt pèp Izrayèl la ni ke l'. L'ap pini tout chèf pèp la, gwo kou piti.
For this cause the Lord took away from Israel head and tail, high and low, in one day.
 πρεσβύτην καὶ τοὺς τὰ πρόσωπα θαυμάζοντας αὐτὴ ἡ ἀρχὴ καὶ προφήτην διδάσκοντα ἄνομα οὗτος ἡ οὐρά
- 15 Chèf fanmi yo ak notab yo, se yo ki tèt pèp la. Ke a menm, se pwofèt yo, papa mantò!
The man who is honoured and responsible is the head, and the prophet who gives false teaching is the tail.
 καὶ ἔσονται οἱ μακαρίζοντες τὸν λαὸν τοῦτον πλανῶντες καὶ πλανῶσιν ὅπως καταπίωσιν αὐτούς

- 16 Moun k'ap dirije pèp la fè l' pèdi chemen l'. Pèp la lage kò l' nan bwa.
For the guides of this people are the cause of their wandering from the right way, and those who are guided by them come to destruction.
 διὰ τοῦτο ἐπὶ τοὺς νεανίσκους αὐτῶν οὐκ εὐφρανθήσεται ὁ θεὸς καὶ τοὺς ὀρφανοὺς αὐτῶν καὶ τὰς χήρας αὐτῶν οὐκ ἐλεήσει ὅτι πάντες ἄνομοι καὶ πονηροὶ καὶ πᾶν στόμα λαλεῖ ἄδικα ἐπὶ πᾶσιν τοῦτο
 ις οὐκ ἀπεστράφη ὁ θυμὸς ἀλλ' ἔτι ἡ χεὶρ ὑψηλὴ
- 17 Se poutèt sa, Seyè a p'ap pran priyè nan men jenn gason yo. L'ap san pitye pou timoun ki san papa yo ak fanm ki pèdi mari yo, paske se tout pèp la nèt ki pa gen respè pou Bondye, yo tout ap fè
 mechanste. Se renk move pawòl ase ki nan bouch yo. Men se poko sa toujou! Se atò Seyè a move. Li poko fin regle ak yo.
**For this cause the Lord will have no pleasure in their young men, and no pity on their widows and the children without fathers: for they are all haters of God and evil-doers, and foolish words come
 from every mouth. For all this his wrath is not turned away, but his hand is stretched out still.**
 καὶ καυθήσεται ὡς πῦρ ἡ ἀνομία καὶ ὡς ἄγρωστις ξηρὰ βρωθήσεται ὑπὸ πυρός καὶ καυθήσεται ἐν τοῖς δάσσει τοῦ δρυμοῦ καὶ συγκαταφάγεται τὰ κύκλω τῶν βουνῶν πάντα
- 18 Mechanste kaye nan mitan pèp la, tankou dife nan pikan ak nan raje. Dife a pran nan rakbwa yo, yo tounen lafimen k'ap mouste nan syèl la.
For evil was burning like a fire; the blackberries and thorns were burned up; the thick woods took fire, rolling up in dark clouds of smoke.
 διὰ θυμὸν ὀργῆς κυρίου συγκέκαυται ἡ γῆ ὅλη καὶ ἔσται ὁ λαὸς ὡς ὑπὸ πυρός κατακεκαυμένος ἄνθρωπος τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ οὐκ ἐλεήσει
- 19 Seyè ki gen tout pouw a te sitèlman move, li fini ak peyi a. Se tankou yon dife k'ap boule tout moun nan peyi a. Pesonn pa ka sove pesonn.
The land was dark with the wrath of the Lord of armies: the people were like those who take men's flesh for food.
 ἀλλὰ ἐκκλινεῖ εἰς τὰ δεξιὰ ὅτι πεινάσει καὶ φάγεται ἐκ τῶν ἀριστερῶν καὶ οὐ μὴ ἐμπλησθῆ ἄνθρωπος ἐσθὼν τὰς σάρκας τοῦ βραχίονος αὐτοῦ
- 20 Yo vire adwat, yo pran sa yo jwenn, yo grangou toujou. Yo vire agoch, yo devore sa yo jwenn, se atò yo grangou. Yo menm rive manje pwòp pitit yo!
**On the right a man was cutting off bits and was still in need; on the left a man took a meal but had not enough; no man had pity on his brother; every man was making a meal of the flesh of his
 neighbour.**
 φάγεται γὰρ μανασση τοῦ εφραιμ καὶ εφραιμ τοῦ μανασση ὅτι ἅμα πολιορκήσουσιν τὸν ἰουδαν ἐπὶ τούτοις πᾶσιν οὐκ ἀπεστράφη ὁ θυμὸς ἀλλ' ἔτι ἡ χεὶρ ὑψηλὴ
- 1 ¶ Madichon pou chèf k'ap bay move lòd pou kache lenjistis y'ap fè, k'ap ekri move lwa pou peze pèp la!
Cursed are those who make evil decisions, and the writers who make the records of their cruel acts:
 οὐαὶ τοῖς γράφουσιν πονηρίαν γράφοντες γὰρ πονηρίαν γράφουσιν
- 2 Se konsa, yo enpoze pòn malere yo defann dwa yo. Yo fè jijman ki pou ta nan avantaj pèp la tounen nan avantaj pa yo. Y'ap piye fanm ki pèdi mari yo, y'ap vòlò byen timoun ki san papa yo!
**Who do wrong to the poor in their cause, and take away the right of the crushed among my people, so that they may have the property of widows, and get under their power those who have no
 father.**
 ἐκκλίνοντες κρίσιν πτωχῶν ἀρπάζοντες κρίμα πενήτων τοῦ λαοῦ μου ὥστε εἶναι αὐτοῖς χήραν εἰς ἀρπαγὴν καὶ ὀρφανὸν εἰς προνομήν
- 3 Kisa n'a fè lè Bondye va fè malè soti byen lwen vin tonbe sou nou? Kay ki moun n'a kouri al chache sekou ak pwoteksyon? Ki kote n' aval kache tout richès nou yo?
And what will you do in the day of punishment, and in the destruction which is coming from far? to whom will you go for help, and what will become of your glory?
 καὶ τί ποιήσουσιν ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῆς ἐπισκοπῆς ἡ γὰρ θλίψις ὑμῖν πόρρωθεν ἦξει καὶ πρὸς τίνα καταφεύξεσθε τοῦ βοηθηθῆναι καὶ ποῦ καταλείψετε τὴν δόξαν ὑμῶν
- 4 Adye! Y'ap fè nou prizonnye. Y'ap depòte nou, si nou pa gen tan mouri nan lagè. Men, se poko sa toujou. Se atò Seyè a move. Li poko fin regle ak yo!
... For all this his wrath is not turned away, but his hand is stretched out still.
 τοῦ μὴ ἐμπροσθεῖν εἰς ἐπαγωγὴν ἐπὶ πᾶσι τούτοις οὐκ ἀπεστράφη ὁ θυμὸς ἀλλ' ἔτι ἡ χεὶρ ὑψηλὴ
- 5 ¶ Seyè a di: -Madichon pou peyi Lasiri a! Paske, l'ap tankou yon baton nan men m' pou m' pini pèp la. M'ap sèvi avèk pouw a ki nan men l' lan pou m' fè pèp la wè jan m' ankòlè.
Ho! Assyrian, the rod of my wrath, the instrument of my punishment!
 οὐαὶ ἀσσυρίοις ἡ ῥάβδος τοῦ θυμοῦ μου καὶ ὀργῆς ἐστὶν ἐν ταῖς χερσὶν αὐτῶν
- 6 Mwen te voye l' kouri al atake yon nasyon ki derespekte m'. Mwen te ba li manda pou l' regle yon pèp ki te fè m' fache anpil, pou l' pase men pran tou sa yo genyen, pou l' piye yo, pou l' pilonnen yo
 anba pye l' tankou pousyè nan lari.
I will send him against a nation of wrongdoers, and against the people of my wrath I will give him orders, to take their wealth in war, crushing them down like the dust in the streets.
 τὴν ὀργὴν μου εἰς ἔθνος ἄνομον ἀποστελῶ καὶ τῷ ἐμῷ λαῷ συντάξω ποιήσαι σκῦλα καὶ προνομήν καὶ καταπατεῖν τὰς πόλεις καὶ θείναι αὐτὰς εἰς κονιορτόν
- 7 Men, wa peyi Lasiri a pa t' wè bagay la konsa. Se pa konsa li te konprann li. Paske lide li te met nan tèt li se kraze brize, se disparèt anpil anpil nasyon.
But this is not what is in his mind, and this is not his design; but his purpose is destruction, and the cutting off of more and more nations.
 αὐτὸς δὲ οὐχ οὕτως ἐνεθυμήθη καὶ τῇ ψυχῇ οὐχ οὕτως λελόγισται ἀλλὰ ἀπαλλάξει ὁ νοῦς αὐτοῦ καὶ τοῦ ἔθνη ἐξολεθρεῦσαι οὐκ ὀλίγα

- 8 Li t'ap plede di: Tout chèf lame mwen yo se wa yo ye nan lòt peyi!
For he says, Are not all my captains kings?
καὶ ἐὰν εἴπωσιν αὐτῷ σὺ μόνος εἶ ἄρχων
- 9 Mwen pran lavil Kalno menm jan mwen te pran lavil Kakemich. Mwen pran lavil Amat menm jan mwen te pran lavil Apad. Mwen pran lavil Samari menm jan mwen te pran lavil Damas.
Will not the fate of Calno be like that of Carchemish? is not Hamath as Arpad? is not Samaria as Damascus?
καὶ ἐρεῖ οὐκ ἔλαβον τὴν χώραν τὴν ἐπάνω βαβυλῶνος καὶ χαλαννὴ οὐ ὁ πύργος φκοδομήθη καὶ ἔλαβον ἀραβίαν καὶ δαμασκὸν καὶ σαμάρειαν
- 10 Menm jan mwen te leve men m' pou m' te pini peyi k'ap sèvi zidòl yo, peyi ki te gen plis estati zidòl pase lavil Jerizalèm ak lavil Samari,
As my hand has come on the kingdoms of the images, whose pictured images were more in number than those of Jerusalem and Samaria;
ὄν τρόπον ταύτας ἔλαβον ἐν τῇ χειρὶ μου καὶ πάσας τὰς ἀρχὰς λήψομαι ὁλολύξατε τὰ γλυπτὰ ἐν ἱερουσαλημ καὶ ἐν σαμάρειᾳ
- 11 menm jan nou wè mwen te aji ak Samari ak zidòl li yo, se konsa m'ap aji ak lavil Jerizalèm ak pòtre l'ap adore yo.
So, as I have done to Samaria and her images, I will do to Jerusalem and her images.
ὄν τρόπον γὰρ ἐποίησα σαμάρειᾳ καὶ τοῖς χειροποιήτοις αὐτῆς οὕτως ποιήσω καὶ ἱερουσαλημ καὶ τοῖς εἰδώλοις αὐτῆς
- 12 Men sa Seyè a di: Lè m'a fin fè sa m'ap fè a sou mòn Siyon ak nan lavil Jerizalèm, m'ap pini wa peyi Lasiri a pou pretansyon li mete nan tèt li, pou awogans li genyen lè l'ap gade moun.
For this cause it will be that, when the purpose of the Lord against Mount Zion and Jerusalem is complete, I will send punishment on the pride of the heart of the king of Assyria, and on the glory of his uplifted eyes.
καὶ ἔσται ὅταν συντελέσῃ κύριος πάντα ποιῶν ἐν τῷ ὄρει σιων καὶ ἐν ἱερουσαλημ ἐπάξει ἐπὶ τὸν νοῦν τὸν μέγαν τὸν ἄρχοντα τῶν ἀσσυρίων καὶ ἐπὶ τὸ ὕψος τῆς δόξης τῶν ὀφθαλμῶν αὐτοῦ
- 13 Paske l'ap mache di: Se ak fòs ponyèt mwen mwen fè tou sa! Mwen gen bon konprann, mwen gen anpil lespri. Mwen wete bòn ki te make fwontyè pèp yo. Mwen devalize tou sa yo te sere. Tankou gwo towò bèf, mwen kraze tout moun ki l'ap viv la yo anba pye m'.
For he has said, By the strength of my hand I have done it, and by my knowledge, for I am wise: and I have taken away the limits of the peoples' lands, and the stores of their wealth have become mine; and I have made towns low in the dust, sending destruction on those living in them;
εἶπεν γάρ τῇ ἰσχυί ποιήσω καὶ τῇ σοφίᾳ τῆς συνέσεως ἀφελῶ ὄρια ἐθνῶν καὶ τὴν ἰσχύον αὐτῶν προνομεύσω καὶ σείσω πόλεις κατοικουμένας
- 14 Nasyon latè yo te tankou nich zwezo pou mwen: mwen annik lonje men m', mwen pran tout richès yo. Mwen mache toupatou sou latè ap ranmase, tankou moun ranmase ze k'ap drive nan nich san gadò. Pa t' gen yonn ki bat zèl li pou fè m' pè. Pa t' gen yon bouch ki louvri pou di m' anyen, ni pou plenyen.
And I have put my hands on the wealth of the peoples, as on the place where a bird has put her eggs; and as a man may take the eggs from which a bird has gone, so I have taken all the earth for myself: and not a wing was moved, and not a mouth gave out a sound.
καὶ τὴν οἰκουμένην ὅλην καταλήψομαι τῇ χειρὶ ὡς νοσσιᾶν καὶ ὡς καταλελειμμένα φῶ ἀρῶ καὶ οὐκ ἔστιν ὅς διαφεύξεται με ἢ ἀντεῖπῃ μοι
- 15 Men sa Seyè a di ankò: Eske yon rach ka pretann travay li fè a se li ki fè l'? Se pa moun k'ap sèvi avè l' la ki fè l'? Eske yon goyin ka mache di sa l' fè a se li ki fè l'? Moun k'ap sèvi avè l' la pou anyen nan sa l'ap fè a? Se tankou si se fwèt la k'ap kòmande moun ki kenbe l' nan men l' lan, tankou si se baton an k'ap sèvi ak moun ki genyen l' nan men l' lan.
Will the axe say high-sounding words against him who is using it, or the blade be full of pride against him who is cutting with it? As if a rod had the power of shaking him who is using it, or as if a stick might take up him who is not wood.
μὴ δοξασθήσεται ἀξίνη ἄνευ τοῦ κόπτοντος ἐν αὐτῇ ἢ ὑψωθήσεται πρίων ἄνευ τοῦ ἔλκοντος αὐτόν ὡσαύτως ἐὰν τις ἄρη ῥάβδον ἢ ξύλον
- 16 Se poutèt sa, Seyè ki gen tout pouwva a pral voye yon sèl maladi deperi sou bann moun gra sa yo, yon sèl chalè ki pral leve nan tout kò yo, tankou yon gwo dife ki pran sou yo.
For this cause the Lord, the Lord of armies, will make his fat become wasted; and in his inner parts a fire will be lighted like a burning flame.
καὶ οὐχ οὕτως ἀλλὰ ἀποστελεῖ κύριος σαβωθ εἰς τὴν σὴν τιμὴν ἀτιμίαν καὶ εἰς τὴν σὴν δόξαν πῦρ καιόμενον καθήσεται
- 17 Bondye ki limyè pèp Izrayèl la pral tounen yon dife. Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa pral tounen yon flamm dife. Nan yon sèl jou l'ap boule tout pikan ak tout raje, fè yo tounen sann.
And the light of Israel will be for a fire, and his Holy One for a flame: wasting and burning up his thorns in one day.
καὶ ἔσται τὸ φῶς τοῦ ἱσραηλ εἰς πῦρ καὶ ἀγιάσει αὐτόν ἐν πυρὶ καιόμενῳ καὶ φάγεται ὡσεὶ χόρτον τὴν ὕλην τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ
- 18 Li pral detwi gwo rakbwa yo ak bèl jaden yo nèt. Depi nan rasin yo jouk nan fèy yo, pyebwa yo ap cheche, menm jan yon move maladi souse yon moun jouk li touye l'.
And he will put an end to the glory of his woods and of his planted fields, soul and body together; and it will be as when a man is wasted by disease.
ἀποσβεσθήσεται τὰ ὄρη καὶ οἱ βουνοὶ καὶ οἱ δρυμοὶ καὶ καταφάγεται ἀπὸ ψυχῆς ἕως σαρκῶν καὶ ἔσται ὁ φεύγων ὡς ὁ φεύγων ἀπὸ φλογὸς καιομένης
- 19 P'ap rete anpil pyebwa nan rak li yo ankò. Nenpòt timoun piti ka konte ti rès la.
And the rest of the trees of his wood will be small in number, so that a child may put them down in writing.
καὶ οἱ καταλειφθέντες ἀπ' αὐτῶν ἔσονται ἀριθμὸς καὶ παιδίον γράψει αὐτούς

- 20 ¶ Yon jou gen pou vini. Lè sa a, ti rès moun pèp Izrayèl la, sa ki te chape anba lanmò nan fanmi Jakòb la, p'ap konte ankò sou pèp ki te twaka fini ak yo a. Y'a mete konfyans yo tout bon nan Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
And it will be in that day that the rest of Israel, and those of Jacob who have come safely through these troubles, will no longer go for help to him whose rod was on their back, but their faith will be in the Lord, the Holy One of Israel.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ οὐκ ἔτι προστεθήσεται τὸ καταλειφθὲν Ἰσραὴλ καὶ οἱ σωθέντες τοῦ Ἰακώβ οὐκέτι μὴ πεποιθότες ὧσιν ἐπὶ τοὺς ἀδικήσαντας αὐτούς ἀλλὰ ἔσονται πεποιθότες ἐπὶ τὸν θεὸν τὸν ἅγιον τοῦ Ἰσραὴλ τῇ ἀληθείᾳ
- 21 Se yon ti ponyen moun ase, yon ti rès nan fanmi Jakòb la k'ap tounen vin jwenn Bondye yo a ki gen pouvwa.
The rest, even the rest of Jacob, will come back to the Strong God.
καὶ ἔσται τὸ καταλειφθὲν τοῦ Ἰακώβ ἐπὶ θεὸν ἰσχύοντα
- 22 Menm si moun pèp Izrayèl yo te anpil tankou grenn sab bò lanmè, se yon ti ponyen ase k'ap tounen. Wè pa wè, y'ap detwi pèp la. Se sa menm li merite.
For though your people, O Israel, are as the sand of the sea, only a small number will come back: for the destruction is fixed, overflowing in righteousness.
καὶ ἐὰν γένηται ὁ λαὸς Ἰσραὴλ ὡς ἡ ἄμμος τῆς θαλάσσης τὸ κατάλειμμα αὐτῶν σωθήσεται λόγον γὰρ συντελῶν καὶ συντέμων ἐν δικαιοσύνῃ
- 23 Wi, Seyè ki gen tout pouvwa a pral fè lènmi mache nan tout peyi a pou yo devalize l' jan li te di l'ap fè l' la.
For the Lord, the Lord of armies, is about to make destruction complete in all the land.
ὅτι λόγον συντετημένον ποιήσει ὁ θεὸς ἐν τῇ οἰκουμένῃ ὅλη
- 24 ¶ Se poutèt sa, Seyè sèl Mèt ki gen tout pouvwa a di konsa: -Nou menm, pèp mwen ki rete sou mòn Siyon an, nou pa bezwen pè moun peyi Lasiri yo k'ap woule nou anba baton, k'ap leve men yo pou yo frape nou menm jan moun peyi Lejip yo te fè nou an.
For this cause the Lord, the Lord of armies, says, O my people living in Zion, have no fear of the Assyrian, even if his rod comes on your back, and his stick is lifted up as in Egypt.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος σαβαωθ μὴ φοβοῦ ὁ λαός μου οἱ κατοικοῦντες ἐν σιων ἀπὸ Ἀσσυρίων ὅτι ἐν ῥάβδῳ πατάξει σε πληγὴν γὰρ ἐγὼ ἐπάγω ἐπὶ σέ τοῦ ἰδεῖν ὁδὸν Αἰγύπτου
- 25 Talè konsa, m'ap fin regle ak nou. Apre sa, m'ap vire sou yo, m'ap disparèt yo.
For in a very short time my passion will be over, and my wrath will be turned to their destruction.
ἔτι γὰρ μικρὸν καὶ παύσεται ἡ ὀργή ὁ δὲ θυμὸς μου ἐπὶ τὴν βουλήν αὐτῶν
- 26 Mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, m'ap pran fwèt pou m' bat yo, menm jan mwen te bat moun peyi Madyan yo bò gwo wòch Orèb la. M'ap fè peyi Lasiri soufri menm jan mwen te fè peyi Lejip soufri a.
And the Lord of armies will be shaking a whip against him, as when he overcame Midian at the rock of Oreb: and his rod will be lifted up against them as it was against the Egyptians.
καὶ ἐπεγερεῖ ὁ θεὸς ἐπ' αὐτούς κατὰ τὴν πληγὴν τὴν μαδιαμ ἐν τόπῳ θλίψεως καὶ ὁ θυμὸς αὐτοῦ τῇ ὁδῷ τῇ κατὰ θάλασσαν εἰς τὴν ὁδὸν τὴν κατ' Αἴγυπτον
- 27 Lè jou sa a va rive, m'a wete chay sa a sou zepòl nou; m'a delivre nou anba moun peyi Lasiri yo. Nou p'ap nan mizè ankò, n'ap gen tou sa n'a bezwen.
And in that day the weight which he put on your back will be taken away, and his yoke broken from off your neck.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἀφαιρεθήσεται ὁ φόβος αὐτοῦ ἀπὸ σοῦ καὶ ὁ ζυγὸς αὐτοῦ ἀπὸ τοῦ ὄμου σου καὶ καταφθαρήσεται ὁ ζυγὸς ἀπὸ τῶν ὤμων ὑμῶν
- 28 Lènmi gen tan rive nan peyi Ajat! Men y'ap travèse peyi Migwon! Yo kite tout zafè yo lavil Mikmas.
He has gone up from Pene-Rimmon, he has come to Aiath; he has gone past Migron, at Michmash he puts his forces in order.
ἦξει γὰρ εἰς τὴν πόλιν ἀγγαὶ καὶ παρελεύσεται εἰς μαγεδω καὶ ἐν μαχμας θήσει τὰ σκευὴ αὐτοῦ
- 29 Yo travèse pas la! Yo pase nwit lan lavil Geba! Moun lavil Rama yo ap tranble. Moun lavil Gibeya yo, peyi wa Sayil la, kouri mete deyò.
They have gone across the mountain; Geba will be our resting-place tonight, they say: Ramah is shaking with fear; Gibeah of Saul has gone in flight.
καὶ παρελεύσεται φάραγμα καὶ ἦξει εἰς ἀγγαὶ φόβος λήμνεται ραμα πόλιν σαουλ φεύξεται
- 30 Nou menm moun lavil Gatim, pete rele! Nou menm moun lavil Layich, mache sou piga nou! Nou menm moun lavil Anatòt, nou nan ka!
Give a loud cry, daughter of Gallim; let Laishah give ear; let Anathoth give answer to her.
ἡ θυγάτηρ γαλλίμ ἐπακούσεται λαῖσα ἐπακούσεται ἀναθωθ
- 31 Moun lavil Madmena yo chape kò yo. Moun lavil Gebim yo al kache.
Madmenah has gone; the men of Gebim are putting their goods in a safe place.
ἐξέστη μαδεβηνα καὶ οἱ κατοικοῦντες γιββίμ παρακαλεῖτε
- 32 Jòdi a, lènmi an fè yon rete lavil Nòb. L'ap giyonnen moun ki rete sou mòn Siyon yo. L'ap lonje dwèt sou lavil Jerizalèm.
This very day he is stopping at Nob; he is shaking his hand against the mountain of the daughter of Zion, the hill of Jerusalem.
σήμερον ἐν ὁδῷ τοῦ μείναι τῇ χειρὶ παρακαλεῖτε τὸ ὄρος τὴν θυγατέρα σιων καὶ οἱ βουνοὶ οἱ ἐν ἱερουσαλήμ

- 33 Seyè sèl Mèt ki gen tout pouwva a pral desann yo tankou branch bwa y'ap koupe mete atè. L'ap koupe tèt tou sa ki wo yo. Tou sa ki byen kanpe yo, l'ap lage yo atè.
See, the Lord, the Lord of armies, is cutting off his branches with a great noise, and his strong ones are falling and his high ones are coming down.
ἰδοὺ γὰρ ὁ δεσπότης κύριος σαβαωθ συνταράσσει τοὺς ἐνδόξους μετὰ ἰσχύος καὶ οἱ ὕψηλοι τῆ ὕβρει συντριβήσονται καὶ οἱ ὕψηλοι ταπεινωθήσονται
- 34 L'ap koupe yo tankou lè y'ap mete rach nan gwo pyebwa nan rak. Bèl pyebwa ki sou mòn Liban yo pral kouche plat atè!
And he is cutting down the thick places of the wood with an axe, and Lebanon with its tall trees is coming down.
καὶ πεσοῦνται οἱ ὕψηλοι μαχαίρα ὁ δὲ λίβανος σὺν τοῖς ὕψηλοις πεσεῖται
- 1 ¶ Menm jan yon ti plan pouse soti nan rasin yon pyebwa yo koupe, yon ti kreyòl soti nan chouk li, se konsa tou yon wa pral soti nan ras David la.
And there will come a rod out of the broken tree of Jesse, and a branch out of his roots will give fruit.
καὶ ἐξελεύσεται ῥάβδος ἐκ τῆς ῥίζης ἰεσσαὶ καὶ ἄνθος ἐκ τῆς ῥίζης ἀναβήσεται
- 2 Lespri Bondye a pral desann sou li. L'ap ba li bon konprann ak lespri. L'ap ba li konesans ak ladrès pou l' dirije. L'ap fè l' konn Seyè a, l'ap fè l' gen krentif pou li.
And the spirit of the Lord will be resting on him, the spirit of wisdom and good sense, the spirit of wise guiding and strength, the spirit of knowledge and of the fear of the Lord;
καὶ ἀναπαύσεται ἐπ' αὐτὸν πνεῦμα τοῦ θεοῦ πνεῦμα σοφίας καὶ συνέσεως πνεῦμα βουλῆς καὶ ἰσχύος πνεῦμα γνώσεως καὶ εὐσεβείας
- 3 L'a pran plezi l' pou l' obeyi Seyè a nan tout bagay. Li p'ap gade sou figi moun pou l' jije yo. Li p'ap rete sou sa yo vin di l' pou l' rann jijman.
And he will not be guided in his judging by what he sees, or give decisions by the hearing of his ears:
ἐμπλήσει αὐτὸν πνεῦμα φόβου θεοῦ οὐ κατὰ τὴν δόξαν κρινεῖ οὐδὲ κατὰ τὴν λαλιὰν ἐλέγξει
- 4 L'ap rann jijman pou pòn yo san patipri. L'ap defann dwa pòn malere nan peyi a san paspouki. L'ap denonse sa moun ap fè nan peyi a, l'ap pini yo. L'ap soufle ak bouch li sou mechan yo, l'ap disparèt yo.
But he will do right in the cause of the poor, and give wise decisions for those in the land who are in need; and the rod of his mouth will come down on the cruel, and with the breath of his lips he will put an end to the evil-doer.
ἀλλὰ κρινεῖ ταπεινῶ κρίσιν καὶ ἐλέγξει τοὺς ταπεινοὺς τῆς γῆς καὶ πατάξει γῆν τῶ λόγῳ τοῦ στόματος αὐτοῦ καὶ ἐν πνεύματι διὰ χειλέων ἀνελεῖ ἀσεβῆ
- 5 L'a gouvènen pèp la san patipri, l'a dirije pèp la jan sa dwe fèt!
And righteousness will be the cord of his robe, and good faith the band round his breast.
καὶ ἔσται δικαιοσύνη ἔξωσμένος τὴν ὄσφον αὐτοῦ καὶ ἀληθεία εἰλημένος τὰς πλευράς
- 6 Bèt nan bwa ak mouton va viv ansanm. Tig pral kouche menm kote ak jenn kabrit. Jenn ti bèf ak jenn ti lyon pral manje ansanm. Lèfini, se yon timoun ki pral okipe yo.
And the wolf will be living with the lamb, and the leopard will take his rest with the young goat; and the lion will take grass for food like the ox; and the young lion will go with the young ones of the herd; and a little child will be their guide.
καὶ συμβοσκηθήσεται λύκος μετὰ ἀρνός καὶ πάρδαλις συναναπαύσεται ἐρίφῳ καὶ μοσχάριον καὶ ταῦρος καὶ λέων ἅμα βοσκηθήσονται καὶ παιδίον μικρὸν ἄξει αὐτούς
- 7 Manman bèf ak manman lous va manje ansanm nan menm savann. Ti bèf ak ti lous va jwe ansanm. Lyon va manje zèb tankou bèf.
And the cow and the bear will be friends while their young ones are sleeping together.
καὶ βοῦς καὶ ἄρκος ἅμα βοσκηθήσονται καὶ ἅμα τὰ παιδιά αὐτῶν ἔσονται καὶ λέων καὶ βοῦς ἅμα φάγονται ἄχυρα
- 8 Ti bebe nan tete va jwe devan twou koulè. Timoun fèk sevre va lonje men yo nan bouch twou sèpan san anyen p'ap rive yo.
And the child at the breast will be playing by the hole of the snake, and the older child will put his hand on the bright eye of the poison-snake.
καὶ παιδίον νήπιον ἐπὶ τρώγλην ἀσπίδων καὶ ἐπὶ κοίτην ἐκγόνων ἀσπίδων τὴν χεῖρα ἐπιβαλεῖ
- 9 Pesonn p'ap fè mechanste. Pesonn p'ap fè sa ki mal sou mòn ki apa pou Bondye a, sou mòn Siyon an! Paske kè tout moun nan peyi a pral plen konesans Bondye, menm jan fon lanmè a plen dlo.
There will be no cause of pain or destruction in all my holy mountain: for the earth will be full of the knowledge of the Lord as the sea is covered by the waters.
καὶ οὐ μὴ κακοποιήσωσιν οὐδὲ μὴ δύνωνται ἀπολέσαι οὐδένα ἐπὶ τὸ ὄρος τὸ ἅγιόν μου ὅτι ἐνεπλήσθη ἡ σύμπασα τοῦ γνῶναι τὸν κύριον ὡς ὕδωρ πολὺ κατακαλύψει θαλάσσας
- 10 ¶ Yon jou gen pou vini. Lè sa a, ti kreyòl ki va soti nan chouk fanmi Izayi a va kanpe tankou yon siy pou tout nasyon yo. Moun va soti toupatou pou yo vin bò kote l'. Y'a fè lwanj li nan lavil kote l' rete a.
And in that day, the eyes of the nations will be turned to the root of Jesse which will be lifted up as the flag of the peoples; and his resting-place will be glory.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἡ ῥίζα τοῦ ἰεσσαὶ καὶ ὁ ἀνιστάμενος ἄρχειν ἐθνῶν ἐπ' αὐτῷ ἔθνη ἐλπιούσιν καὶ ἔσται ἡ ἀνάπαυσις αὐτοῦ τιμὴ

- 11 Jou sa a, Seyè a va fè wè fòs ponyèt li yon dezyèm fwa ankò. L'a delivre ti rès pèp li a, ponyen moun ki rete nan sa yo te depòte nan peyi Lasiri, nan peyi Lejip, ak nan tout peyi sa yo: Patwòs, Letiopi, Elam, Babilòn ak Amat, nan tout peyi lakòt yo ak nan tout zile yo.
And in that day the hand of the Lord will be stretched out the second time to get back the rest of his people, from Assyria, and from Egypt, and from Pathros, and from Cush, and from Elam, and from Shinar, and from Hamath, and from the sea-lands.
καὶ ἔσται τῆ ἡμέρα ἐκεῖνη προσθήσει κύριος τοῦ δεῖξαι τὴν χεῖρα αὐτοῦ τοῦ ζηλώσαι τὸ καταλειφθὲν ὑπόλοιπον τοῦ λαοῦ ὃ ἂν καταλειφθῆ ἀπὸ τῶν ἀσσυρίων καὶ ἀπὸ αἰγύπτου καὶ βαβυλωνίας καὶ αἰθιοπίας καὶ ἀπὸ αἰλαμιτῶν καὶ ἀπὸ ἡλίου ἀνατολῶν καὶ ἐξ ἀραβίας
- 12 Seyè a pral leve yon drapo pou l' fè moun lòt nasyon yo wè li pral sanble tout moun pèp Izrayèl yo te depòte yo. L'ap ranmase tout moun pèp Jida ki te gaye toupatou sou latè yo. L'ap mennen yo tounen nan peyi yo.
And he will put up a flag as a sign to the nations, and he will get together those of Israel who had been sent away, and the wandering ones of Judah, from the four ends of the earth.
καὶ ἀρεῖ σημεῖον εἰς τὰ ἔθνη καὶ συνάξει τοὺς ἀπολομένους ἰσραὴλ καὶ τοὺς διεσπαρμένους τοῦ ἰουδα συνάξει ἐκ τῶν τεσσάρων πτερόγων τῆς γῆς
- 13 Moun peyi Efrayim yo p'ap fè jalouzi ankò. Peyi Jida a p'ap kenbe moun nan kè ankò. Moun peyi Efrayim yo p'ap anvye sò moun Jida yo. Moun Jida yo p'ap lènmi ankò ak moun Izrayèl yo.
And the envy of Ephraim will be gone, and those who make trouble for Judah will come to an end: Ephraim will have no more envy of Judah, and there will be an end of Judah's hate for Ephraim.
καὶ ἀφαιρεθήσεται ὁ ζήλος εφραιμ καὶ οἱ ἐχθροὶ ἰουδα ἀπολοῦνται εφραιμ οὐ ζηλώσει ἰουδαν καὶ ἰουδας οὐ θλίψει εφραιμ
- 14 Y'ap mete ansanm, yo pral atake moun Filisti yo ki bò solèy kouche, yo pral piye moun k'ap viv bò solèy leve yo. Yo pral donminen sou peyi Edon ak sou peyi Moab. Moun peyi Amon pral soumèt devan yo.
And they will be united in attacking the Philistines on the west, and together they will take the goods of the children of the east: their hand will be on Edom and Moab; and the children of Ammon will be under their rule.
καὶ πετασθήσονται ἐν πλοίοις ἀλλοφύλων θάλασσαν ἅμα προνομεύσουσιν καὶ τοὺς ἀφ' ἡλίου ἀνατολῶν καὶ ἰδουμαίαν καὶ ἐπὶ μοαβ πρῶτον τὰς χεῖρας ἐπιβαλοῦσιν οἱ δὲ υἱοὶ ἀμμων πρῶτοι ὑπακούουσιν οὐκ ἔσονται
- 15 Seyè a pral voye yon van cho ki pral cheche tout dlo gwo larivyè Lejip la. Li pral cheche dlo larivyè Lefrat la. L'ap fè l' tounen sèt ti kannal dlo, konsa tout moun ka janbe l' ak tout sapat nan pye yo.
And the Lord will make the tongue of the Egyptian sea completely dry; and with his burning wind his hand will be stretched out over the River, and it will be parted into seven streams, so that men may go over it with dry feet.
καὶ ἐρημώσει κύριος τὴν θάλασσαν αἰγύπτου καὶ ἐπιβαλεῖ τὴν χεῖρα αὐτοῦ ἐπὶ τὸν ποταμὸν πνεύματι βιαίῳ καὶ πατάξει ἐπὶ τὰ φάραγγας ὥστε διαπορεύεσθαι αὐτὸν ἐν ὑποδήμασιν
- 16 L'ap louvri yon gran chemen sot peyi Lasiri pou rès pèp li a k'ap viv laba a, menm jan li te fè l' pou pèp Izrayèl la jou yo t'ap sot kite Lejip la.
And there will be a highway for the rest of his people from Assyria; as there was for Israel in the day when he came up out of the land of Egypt.
καὶ ἔσται δίοδος τῷ καταλειφθέντι μου λαῷ ἐν αἰγύπτῳ καὶ ἔσται τῷ ἰσραὴλ ὡς ἡ ἡμέρα ὅτε ἐξῆλθεν ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 1 ¶ Jou sa a, w'a pran chante: -M'ap fè lwanj ou, Seyè! Ou te move sou mwen. Men koulye a, ou pa fache ankò. W'ap ban m' kouraj.
And in that day you will say I will give praise to you, O Lord; for though you were angry with me, your wrath is turned away, and I am comforted.
καὶ ἔρεῖς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ εὐλογήσω σε κύριε διότι ὀργισθῆς μοι καὶ ἀπέστρεψας τὸν θυμὸν σου καὶ ἠλέησάς με
- 2 Se Bondye ki delivre m'! Mwen gen konfyans nan li. Kè m' pa kase ankò! Se Seyè a ki tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante. Se li menm ki delivre m'!
See, God is my salvation; I will have faith in the Lord, without fear: for the Lord Jah is my strength and song; and he has become my salvation.
ἰδοὺ ὁ θεὸς μου σωτήρ μου κύριος πεποιθὼς ἔσομαι ἐπ' αὐτῷ καὶ σωθήσομαι ἐν αὐτῷ καὶ οὐ φοβηθήσομαι διότι ἡ δόξα μου καὶ ἡ αἴνεσίς μου κύριος καὶ ἐγένετό μοι εἰς σωτηρίαν
- 3 Menm jan kè pèp la kontan lè y' apral pran dlo nan sous, se konsa y'a kontan lè Bondye ap delivre yo.
So with joy will you get water out of the springs of salvation.
καὶ ἀντλήσετε ὕδωρ μετ' εὐφροσύνης ἐκ τῶν πηγῶν τοῦ σωτηρίου
- 4 ¶ Jou sa a, n'a pran chante: Ann di Bondye mèsi! Ann lapriyè nan pye l'! Fè tout nasyon yo konnen sa li fè.
And in that day you will say, Give praise to the Lord, let his name be honoured, give word of his doings among the peoples, say that his name is lifted up.
καὶ ἔρεῖς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ὑμνεῖτε κύριον βοᾶτε τὸ ὄνομα αὐτοῦ ἀναγγεiliate ἐν τοῖς ἔθνεσιν τὰ ἔθνη αὐτοῦ μιμήσκεσθε ὅτι ὑψώθη τὸ ὄνομα αὐτοῦ
- 5 Chante pou Seyè a, paske li fè gwo mèvèy. Fè tout moun sou latè konn sa!
Make a song to the Lord; for he has done noble things: give news of them through all the earth.
ὑμνήσατε τὸ ὄνομα κυρίου ὅτι ὑψηλὰ ἐποίησεν ἀναγγεiliate ταῦτα ἐν πάσῃ τῇ γῇ
- 6 Nou menm ki rete sou mòn Siyon an, rele, fè fèt! Bondye pèp Izrayèl la se yon Bondye apa, li gen anpil pouvwa. Se nan mitan nou li rete.
Let your voice be sounding in a cry of joy, O daughter of Zion, for great is the Holy One of Israel among you.
ἀγαλλιᾶσθε καὶ εὐφραίνεσθε οἱ κατοικοῦντες σιών ὅτι ὑψώθη ὁ ἅγιος τοῦ ἰσραὴλ ἐν μέσῳ αὐτῆς

- 1 ¶ Men mesaj Bondye te bay Ezayi, pitit Amòz la, sou lavil Babilòn:
The word of the Lord about Babylon which Isaiah, the son of Amoz, saw.
ὄρασις ἦν εἶδεν ἡσaiας υἱὸς αμωv κατὰ βαβυλῶνος
- 2 -Mete yon drapo kanpe sou tèt yon mòn kote pa gen pyebwa menm! Rele byen fò pou sòlda yo pare yo! Leve men ou anlè. Ba yo siyal pou y' al atake pòtay lavil grannèg yo!
Put up a flag on a clear mountain-top, make a loud outcry to them, give directions with the hand, so that they may go into the doors of the great ones.
ἐπ' ὄρους πεδινῶ ἄρατε σημεῖον ὑψώσατε τὴν φωνὴν αὐτοῖς μὴ φοβεῖσθε παρακαλεῖτε τῆ χειρὶ ἀνοίξατε οἱ ἄρχοντες
- 3 Se mwen menm, Seyè a, k'ap bay sevètè m' yo lòd! M'ap rele tout vanyan sòlda mwen yo, tout moun pa m' yo ki gen kè kontan, k'ap mache tèt anlè, pou yo pini moun k'ap fè m' fè kòlè yo.
I have given orders to my holy ones, I have sent out my men of war, those of mine who take pride in their power, to give effect to my wrath.
ἐγὼ συντάσσω καὶ ἐγὼ ἄγω αὐτοῦς ἡγιασμένοι εἰσὶν καὶ ἐγὼ ἄγω αὐτοῦς γίγαντες ἔρχονται πληρώσαι τὸν θυμὸν μου χαίροντες ἅμα καὶ ὑβρίζοντες
- 4 Koute yon gwo bri sou mòn yo! Se tankou bri yon gwo foul moun, yon kantite nasyon ak moun tout peyi k'ap sanble. Se Seyè ki gen tout pouvwa a k'ap fè enspeksyon lame li a anvan y' al goumen.
The noise of great numbers in the mountains, like the noise of a strong people! The noise of the kingdoms of the nations meeting together! The Lord of armies is numbering his forces for war.
φωνὴ ἔθνῶν πολλῶν ἐπὶ τῶν ὀρέων ὁμοία ἔθνῶν πολλῶν φωνὴ βασιλείων καὶ ἔθνῶν συνηγμένων κύριος σαβαωθ ἐντέταλται ἔθνει ὀπλομάχῳ
- 5 Seyè a move, l'ap vini ansanm ak sòlda ki pral fè sa li ba yo lòd fè a. Y'ap soti byen lwen nan lòt peyi ki nan dènye bout latè pou yo vin ravaje tout peyi a.
They come from a far country, from the farthest part of heaven, even the Lord and the instruments of his wrath, with destruction for all the land.
ἔρχεσθαι ἐκ γῆς πόρρωθεν ἀπ' ἄκρου θεμελίου τοῦ οὐρανοῦ κύριος καὶ οἱ ὀπλομάχοι αὐτοῦ τοῦ καταφθεῖραι τὴν οἰκουμένην ὅλην
- 6 ¶ Nou mèt plenyen kont kò nou, paske jou Seyè a pre rive! Bondye ki gen tout pouvwa a pral vini pou l' devaste tè a.
Send out a cry of grief; for the day of the Lord is near; it comes as destruction from the Most High.
ὀλολύζετε ἐγγὺς γὰρ ἡ ἡμέρα κυρίου καὶ συντριβὴ παρὰ τοῦ θεοῦ ἦξει
- 7 Se poutèt sa, tout moun sou latè pèdi kouraj, kè yo kase!
For this cause all hands will be feeble, and every heart of man be turned to water;
διὰ τοῦτο πᾶσα χεὶρ ἐκλυθήσεται καὶ πᾶσα ψυχὴ ἀνθρώπου δειλιάσει
- 8 Y'ap rete konsa, yo pral gen doule ak lakranp nan tout kò yo. Yo pral tòde tankou fanm ansent ki gen tranche. Yonn ap gade lòt san di krik, y'ap rete ak je yo louvri byen gran tèlman y'a wont.
Their hearts will be full of fear; pains and sorrows will overcome them; they will be in pain like a woman in childbirth; they will be shocked at one another; their faces will be like flames.
καὶ παραθήσονται οἱ πρέσβεις καὶ ὠδίνες αὐτοῦς ἔξουσιν ὡς γυναῖκες τικτούσης καὶ συμφοράσουσιν ἕτερος πρὸς τὸν ἕτερον καὶ ἐκστήσονται καὶ τὸ πρόσωπον αὐτῶν ὡς φλόξ μεταβαλοῦσιν
- 9 Jou Seyè a ap rive. Seyè a ap san pitye, l'ap fè gwo kòlè, l'ap move anpil. L'ap fè tè a tounen yon dezè, l'ap disparèt dènye moun k'ap fè sa ki mal!
See, the day of the Lord is coming, cruel, with wrath and burning passion: to make the land a waste, driving the sinners in it to destruction.
ἰδοὺ γὰρ ἡμέρα κυρίου ἀνάταος ἔρχεται θυμὸς καὶ ὀργῆς θεῖναι τὴν οἰκουμένην ὅλην ἔρημον καὶ τοὺς ἁμαρτωλοὺς ἀπολέσαι ἐξ αὐτῆς
- 10 Tout grenn zetwal nan syèl la, tout zetwal Oryon yo p'ap klere ankò. Solèy la ap tou nwa lè li leve, lalin lan menm p'ap klere ankò.
For the stars of heaven and its bright armies will not give their light: the sun will be made dark in his journey through the heaven, and the moon will keep back her light.
οἱ γὰρ ἀστέρες τοῦ οὐρανοῦ καὶ ὁ ὥριων καὶ πᾶς ὁ κόσμος τοῦ οὐρανοῦ τὸ φῶς οὐ δώσουσιν καὶ σκοτισθήσεται τοῦ ἡλίου ἀνατέλλοντος καὶ ἡ σελήνη οὐ δώσει τὸ φῶς αὐτῆς
- 11 Seyè a di ankò: -Mwen pral fè dezolasyon tonbe sou tout latè poutèt mechanste moun yo ap fè. Mwen pral pini tout mechan yo poutèt fòfè y'ap fè yo. Mwen pral kraze lògèy tout moun k'ap gonfle lestonmak yo. Mwen pral kraze awogans tout mechan k'ap peze moun anba pye yo.
And I will send punishment on the world for its evil, and on the sinners for their wrongdoing; and I will put an end to all pride, and will make low the power of the cruel.
καὶ ἐντελοῦμαι τῇ οἰκουμένῃ ὅλη κακὰ καὶ τοῖς ἀσεβέσιν τὰς ἁμαρτίας αὐτῶν καὶ ἀπολῶ ὕβριν ἀνόμων καὶ ὕβριν ὑπερηφάνων ταπεινώσω
- 12 Moun k'ap chape yo ap pi ra pase bon lò, pase bon lò ki soti nan peyi Ofi.
I will make men so small in number, that a man will be harder to get than gold, even the best gold of Ophir.
καὶ ἔσονται οἱ καταλειμμένοι ἔντιμοι μᾶλλον ἢ τὸ χρυσίον τὸ ἄπυρον καὶ ὁ ἄνθρωπος μᾶλλον ἔντιμος ἔσται ἢ ὁ λίθος ὁ ἐκ σουφίρ
- 13 Se poutèt sa, jou mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, m'a fè move san an, jou m'a fè gwo kòlè mwen an, m'ap fè syèl la tranble, m'ap fè tè a kite plas kote li ye a.
For this cause the heavens will be shaking, and the earth will be moved out of its place, in the wrath of the Lord of armies, and in the day of his burning passion.
ὁ γὰρ οὐρανὸς θυμωθήσεται καὶ ἡ γῆ σεισθήσεται ἐκ τῶν θεμελίων αὐτῆς διὰ θυμὸν ὀργῆς κυρίου σαβαωθ τῆ ἡμέρα ἣ ἂν ἐπέλθῃ ὁ θυμὸς αὐτοῦ

- 14 Lè sa a, moun lòt nasyon k'ap viv nan peyi Babilòn lan va kouri al lakay yo nan peyi yo, tankou gazèl bèf mawon k'ap kouri pou chasè, tankou mouton san gadò ki gaye nan savann.
And it will be that, like a roe in flight, and like wandering sheep, they will go every man to his people and to his land.
 και ἔσονται οἱ καταλειμμένοι ὡς δορκάδιον φεύγον και ὡς πρόβατον πλανώμενον και οὐκ ἔσται ὁ συνάγων ὥστε ἄνθρωπον εἰς τὸν λαὸν αὐτοῦ ἀποστραφῆναι και ἄνθρωπον εἰς τὴν χώραν αὐτοῦ δι
 ὄξαι
- 15 Y'ap touye tout moun peyi a y'a kontre sou wout yo, y'ap kraze tout moun peyi a y'a bare sou chemen yo.
Everyone who is overtaken will have a spear put through him, and everyone who goes in flight will be put to the sword.
 ὃς γὰρ ἂν ἀλφῆ ἡττηθῆσεται και οἵτινες συνηγμένοι εἰσὶν μαχαίρα πεσοῦνται
- 16 Y'ap krabinen ti pitit yo la devan je yo, y'ap piye kay yo, y'ap fè kadejak sou madanm yo.
Their young children will be broken up before their eyes; their goods will be taken away, and their wives made the property of others.
 και τὰ τέκνα αὐτῶν ἐνόπιον αὐτῶν ῥάξουσιν και τὰς οἰκίας αὐτῶν προνομεύσουσιν και τὰς γυναῖκας αὐτῶν ἔξουσιν
- 17 Seyè a di ankò: -Mwen pral voye moun peyi Medi yo vin atake yo. Se yon bann moun lajan pa di yo anyen, lò pa tante yo.
See, I am driving the Medes against them, who put no value on silver and have no pleasure in gold.
 ἰδοὺ ἐπεγείρω ὑμῖν τοὺς μῆδους οἱ οὐ λογίζονται ἀργύριον οὐδὲ χρυσοῦ χρεῖαν ἔχουσιν
- 18 Avèk banza yo, yo pral touye jenn gason. Y'ap san pitye pou timoun fenk fèt. Kè yo p'ap fè yo mal pou timoun piti.
In their hands are bows and spears; they are cruel, violently putting the young men to death, and crushing the young women; they have no pity for children, and no mercy for the fruit of the body.
 τοξόματα νεανίσκων συντριψουσιν και τὰ τέκνα ὑμῶν οὐ μὴ ἐλεήσωσιν οὐδὲ ἐπὶ τοῖς τέκνοις οὐ φείσονται οἱ ὀφθαλμοὶ αὐτῶν
- 19 ¶ Lavi Babilòn, se yon bijou. Se li ki pi bèl pase tout peyi. Moun peyi Kalde yo plen lògèy, y'ap fè grandizè poutèt li. Men, mwen menm Seyè a, m'ap kraze l' tankou mwen te kraze lavi Sodòm ak lavi Gomò.
And Babylon, the glory of kingdoms, the beautiful town which is the pride of the Chaldaeans, will be like God's destruction of Sodom and Gomorrah.
 και ἔσται βαβυλών ἡ καλεῖται ἔνδοξος ὑπὸ βασιλείῃς χaldaίων ὃν τρόπον κατέστρεψεν ὁ θεὸς σοδομα και γομορρα
- 20 Moun p'ap janm al rete la ankò. L'ap rete san moun pou tout tan. Moun peyi Arabi k'ap mache nan dezè yo p'ap janm moute tant yo bò la, ni ankenn gadò mouton p'ap janm mennen mouton yo vin manje bò la.
People will never be living in it again, and it will have no more men from generation to generation: the Arab will not put up his tent there; and those who keep sheep will not make it a resting-place for their flocks.
 οὐ κατοικήθησεται εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον οὐδὲ μὴ εἰσέλθωσιν εἰς αὐτὴν διὰ πολλῶν γενεῶν οὐδὲ μὴ διέλθωσιν αὐτὴν ἄραβες οὐδὲ ποιμένες οὐ μὴ ἀναπαύσονται ἐν αὐτῇ
- 21 Se la tout bèt nan bwa pral rete. Koukou pral fè nich nan tout kay yo. Se la otrich pral fè kay yo. Se la kabrit mawon pral danse kalenda.
But the beasts of the waste land will have their holes there; and the houses will be full of crying jackals, and ostriches will have their place there, and evil spirits will be dancing there.
 και ἀναπαύσονται ἐκεῖ θηρία και ἐμπλησθήσονται οἱ οἰκίαι ἤχου και ἀναπαύσονται ἐκεῖ σειρήνες και δαιμόνια ἐκεῖ ὀρχήσονται
- 22 Chen mawon pral wouke nan gwo kay yo. Chat mawon pral pran plezi yo nan bèl palè yo. Lè a prèt pou sonnen pou lavi Babilòn, jou l' prèt pou bout.
And wolves will be answering one another in their towers, and jackals in their houses of pleasure: her time is near, and her days of power will quickly be ended.
 και ὄνοκένταυροι ἐκεῖ κατοικήσουσιν και νοσοποιήσουσιν ἐχῖνοι ἐν τοῖς οἴκοις αὐτῶν ταχὺ ἔρχεται και οὐ χρονεῖ
- 1 ¶ Wi, kè Seyè a pral fè l' mal pou fanmi Jakòb la. L'ap chwazi pèp Izrayèl la ankò pou pèp pa li. L'ap kite yo rete nan peyi ki pou yo a. Moun lòt nasyon va vin jwenn yo, y'a rete viv ansanm ak moun fanmi Jakòb yo.
For the Lord will have mercy on Jacob, and will again make Israel his special people, and will put them in their land; and the man from a strange country will take his place among them and be joined to the family of Jacob.
 και ἐλεήσει κύριος τὸν ἰακωβ και ἐκλέξεται ἔτι τὸν ἰσραηλ και ἀναπαύσονται ἐπὶ τῆς γῆς αὐτῶν και ὁ γιῶρας προστεθήσεται πρὸς αὐτοὺς και προστεθήσεται πρὸς τὸν οἶκον ἰακωβ
- 2 Anpil lòt nasyon va ede yo tounen nan peyi Bondye te ba yo a. Moun pèp Izrayèl yo menm va pran yo ak yo nan peyi Bondye te ba yo a. Y'a fè yo sèvi domestik ak sèvant. Moun ki te fè pèp la prizonye, se yo ki pral tounen prizonye pèp la. Pèp Izrayèl la pral donminen sou moun ki l'ap peze yo anba pye yo.
And the people will take them with them to their place: and the children of Israel will give them a heritage in the Lord's land as men-servants and women-servants, making them prisoners whose prisoners they were; and they will be rulers over their masters.
 και λήμψονται αὐτοὺς ἔθνη και εἰσάξουσιν εἰς τὸν τόπον αὐτῶν και κατακληρονομήσουσιν και πληθυνθήσονται ἐπὶ τῆς γῆς τοῦ θεοῦ εἰς δούλους και δούλας και ἔσονται αἰχμάλωτοι οἱ αἰχμαλωτεύσα
 ντες αὐτοὺς και κυριεύσαντες αὐτῶν
- 3 Seyè a va fè nou jwenn repo apre tout tray, tout tribilasyon ak tout mizè yo te fè nou pase.
And it will be, in the day when the Lord gives you rest from your sorrow, and from your trouble, and from the hard yoke which they had put on you,
 και ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἀναπαύσει σε ὁ θεὸς ἐκ τῆς ὀδύνης και τοῦ θυμοῦ σου και τῆς δουλείας σου τῆς σκληρᾶς ἧς ἐδούλευσας αὐτοῖς

- 4 ¶ Lè sa a, n'a chante pou nou pase wa lavil Babilòn lan nan betiz, n'a di: Gade ki jan moun ki t'ap maltrete nou an disparèt! Gade ki jan yo desann kòlèt li non!
That you will take up this bitter song against the king of Babylon, and say, How has the cruel overseer come to an end! He who was lifted up in pride is cut off;
καὶ λήμψη τὸν θρῆνον τοῦτον ἐπὶ τὸν βασιλέα βαβυλῶνος καὶ ἐρεῖς ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ πῶς ἀναπέπνυται ὁ ἀπαιτῶν καὶ ἀναπέπνυται ὁ ἐπισπουδαστής
- 5 Seyè a kase baton mechan yo. Li kase kokomakak chèf ki t'ap maltrete nou an!
The stick of the evil-doers, the rod of the rulers, is broken by the Lord;
συνέτριψεν ὁ θεὸς τὸν ζυγὸν τῶν ἀμαρτωλῶν τὸν ζυγὸν τῶν ἀρχόντων
- 6 Lè yo move, yo te konn woule pèp la anba kou. Lè yo ankòlè, yo te konn kraze pèp la anba pye yo, yo pa t' ba yo souf.
He whose rod was on the peoples with an unending wrath, ruling the nations in passion, with an uncontrolled rule.
πατάξας ἔθνος θυμῷ πληγῆ ἀνιάτῳ παῖον ἔθνος πληγῆν θυμοῦ ἢ οὐκ ἐφείσατο
- 7 Koulye a, tout moun sou latè ap pran souf. Y'ap viv ak kè poze. Toupatou se chante, se kè kontan.
All the earth is at rest and is quiet: they are bursting into song.
ἀνεπαύσατο πεποιθῶς πᾶσα ἡ γῆ βοᾷ μετ' εὐφροσύνης
- 8 Pye pichpen ak pye sèd peyi Liban yo kontan sa ki rive wa a. Y'ap di: Depi li tonbe a, pesonn pa moute vin mete rach nan dèyè nou ankò.
Even the trees of the wood are glad over you, the trees of Lebanon, saying, From the time of your fall no wood-cutter has come up against us with an axe.
καὶ τὰ ξύλα τοῦ λιβάνου εὐφράνθησαν ἐπὶ σοὶ καὶ ἡ κέδρος τοῦ λιβάνου ἀφ' οὗ σὺ κεκοίμησαι οὐκ ἀνέβη ὁ κόπτων ἡμᾶς
- 9 Peyi kote mò yo ye a tèt anba pou resewva ou. Nanm tout moun ki te gwo chèf sou latè ap souke kò yo pou ou. Nanm tout wa yo ap leve kanpe sot sou fotèy yo.
The underworld is moved at your coming: the shades of the dead are awake before you, even the strong ones of the earth; all the kings of the world have got up from their seats.
ὁ ᾄδης κάτωθεν ἐπικράνθη συναντήσας σοὶ συνηγέρθησάν σοι πάντες οἱ γίγαντες οἱ ἄρξαντες τῆς γῆς οἱ ἐγείραντες ἐκ τῶν θρόνων αὐτῶν πάντας βασιλεῖς ἔθνων
- 10 Yo tout pran pale, y'ap di: Gade! Yo desann ou jan ou te desann nou an. Ou tounen tankou nou.
They all make answer and say to you, Have you become feeble like us? have you been made even as we are?
πάντες ἀποκριθήσονται καὶ ἐροῦσίν σοι καὶ σὺ ἕάλως ὥσπερ καὶ ἡμεῖς ἐν ἡμῖν δὲ καταλογίσθης
- 11 Jan yo te konn fè lwanj ou ak bèl mizik dous sou gita! Koulye a, men ou nan peyi mò yo. Ou kouche sou yon kabann plen vèmen. Vè kouvri tout kò ou.
Your pride has gone down into the underworld, and the noise of your instruments of music; the worms are under you, and your body is covered with them.
κατέβη δὲ εἰς ᾄδου ἡ δόξα σου ἡ πολλή σου εὐφροσύνη ὑποκάτω σου στρώσουσιν σῆψιν καὶ τὸ κατακάλυμμά σου σκόληξ
- 12 Manyè di nou non, ou menm ki te klere tankou zetwal bajou a, ki jan ou fè tonbe sot nan syèl la? Ou menm ki te konn mache ap kraze nasyon yo anba pye ou, ki jan yo fè jete ou plat atè konsa?
How great is your fall from heaven, O shining one, son of the morning! How are you cut down to the earth, low among the dead bodies!
πῶς ἐξέπεσεν ἐκ τοῦ οὐρανοῦ ὁ ἑσπερός ὁ πρωὶ ἀνατέλλον συνετρίβη εἰς τὴν γῆν ὁ ἀποστέλλον πρὸς πάντα τὰ ἔθνη
- 13 Ou t'ap di nan kè ou: M'ap moute rive jouk nan syèl la. Mwen pral mete fotèy mwen pi wo pase zetwal Bondye yo. Mwen pral chita tankou yon wa nan nò sou tèt mòn Randevou a.
For you said in your heart, I will go up to heaven, I will make my seat higher than the stars of God; I will take my place on the mountain of the meeting-place of the gods, in the inmost parts of the north.
σὺ δὲ εἶπας ἐν τῇ διανοίᾳ σου εἰς τὸν οὐρανὸν ἀναβήσομαι ἐπάνω τῶν ἄστρον τοῦ οὐρανοῦ θήσω τὸν θρόνον μου καθιῶ ἐν ὄρει ὑψηλῷ ἐπὶ τὰ ὄρη τὰ ὑψηλὰ τὰ πρὸς βορρᾶν
- 14 Mwen pral moute sou tèt nwaj yo. M'ap tankou Bondye ki gen tout pouvwa a.
I will go higher than the clouds; I will be like the Most High.
ἀναβήσομαι ἐπάνω τῶν νεφελῶν ἔσομαι ὅμοιος τῷ ὑψίστῳ
- 15 Men koulye a, yo desann ou nan peyi kote mò yo ye a, jouk anba nan twou san fon an!
But you will come down to the underworld, even to its inmost parts.
νῦν δὲ εἰς ᾄδου καταβίβησιν καὶ εἰς τὰ θεμέλια τῆς γῆς
- 16 Mò ki wè ou yo ap fikse je yo sou ou. Y'ap gade ou, y'ap di: Se pa moun ki te konn fè tè a tranble a sa? Se pa li ki te konn fè chèf yo tranble a sa?
Those who see you will be looking on you with care, they will be in deep thought, saying, Is this the troubler of the earth, the shaker of kingdoms?
οἱ ἰδόντες σε θαυμάσουσιν ἐπὶ σοὶ καὶ ἐροῦσιν οὗτος ὁ ἄνθρωπος ὁ παροξύνων τὴν γῆν σείων βασιλεῖς
- 17 Se pa li ki te kraze tout lavil yo, ki te fè latè tounen yon dezè a sa? Se pa li ki pa t' janm kite moun li fè prizonye tounen lakay yo a sa?
Who made the world a waste, overturning its towns; who did not let his prisoners loose from the prison-house.
ὁ θεὸς τὴν οἰκουμένην ὄλην ἔρημον καὶ τὰς πόλεις καθεῖλεν τοὺς ἐν ἐπαγωγῇ οὐκ ἔλυσεν

- 18 **Tout wa latè yo kouche nan bèl kavò yo, yon kavò pou yo chak.**
All the kings of the earth are at rest in glory, every man in his house,
πάντες οἱ βασιλεῖς τῶν ἐθνῶν ἐκοιμήθησαν ἐν τιμῇ ἀνθρώπου ἐν τῷ οἴκῳ αὐτοῦ
- 19 **Men, ou menm, ou pa menm gen yon tonm. Yo kite kadav ou ap trennen tankou kadav chen nan granchemen. L'ap pouri nan mitan kadav sòlda yo touye nan lagè, yo jete l' ansanm ak lòt kadav yo nan yon twou wòch, yo pilonnen l' anba pye yo.**
But you, like a birth before its time, are stretched out with no resting-place in the earth; clothed with the bodies of the dead who have been put to the sword, who go down to the lowest parts of the underworld; a dead body, crushed under foot.
σὺ δὲ ῥιφήσῃ ἐν τοῖς ὄρεσιν ὡς νεκρὸς ἐβδελυγμένος μετὰ πολλῶν τεθνηκότων ἐκκεκεντημένων μαχαίραις καταβαίνόντων εἰς ἕδου ὃν τρόπον ἱμάτιον ἐν αἵματι πεφυρμένον οὐκ ἔσται καθαρὸν
- 20 **Yo p'ap antere ou jan yo fè l' pou lòt wa yo, paske ou te fini ak peyi ou la, ou te touye pèp ou a. Yo p'ap janm chonje non fanmi lwijanboje sa yo!**
As for your fathers, you will not be united with them in their resting-place, because you have been the cause of destruction to your land, and of death to your people; the seed of the evil-doer will have no place in the memory of man.
οὕτως οὐδὲ σὺ ἔσῃ καθαρὸς διότι τὴν γῆν μου ἀπόλεσας καὶ τὸν λαόν μου ἀπέκτεινας οὐ μὴ μείνης εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον σπέρμα πονηρὸν
- 21 **Pare pou nou masakre tout pitit wa yo poutèt mechanste papa yo te fè! Pa kite yonn ladan yo chape pou yo pa janm vin chèf, pou yo pa janm mache bati lavil toupatou sou latè ankò.**
Make ready a place of death for his children, because of the evil-doing of their father; so that they may not come up and take the earth for their heritage, covering the face of the world with waste places.
ἐτοίμασον τὰ τέκνα σου σφαγῆναι ταῖς ἁμαρτίαις τοῦ πατρὸς σου ἵνα μὴ ἀναστῶσιν καὶ τὴν γῆν κληρονομήσωσιν καὶ ἐμπλήσωσι τὴν γῆν πόλεων
- 22 **Bondye ki gen tout pouvwa a pale, li di konsa: -Mwen pral leve dèyè yo. Mwen pral disparèt lavil Babilòn. Mwen p'ap kite anyen, ni non l', ni moun li yo, tout ras yo, tout pitit yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa.**
For I will come up against them, says the Lord of armies, cutting off from Babylon name and offspring, son and son's son, says the Lord.
καὶ ἐπαναστήσομαι αὐτοῖς λέγει κύριος σαβαωθ καὶ ἀπολωῶ αὐτῶν ὄνομα καὶ κατάλειμμα καὶ σπέρμα τάδε λέγει κύριος
- 23 **M'ap fè lavil Babilòn tounen yon marekay. Se zagoudi ase k'ap rete la. Mwen pral bale sa byen bale. M' p'ap kite anyen. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki pale.**
And I will make you a heritage for the hedgehog, and pools of water: and I will go through it with the brush of destruction, says the Lord of armies.
καὶ θήσω τὴν βαβυλωνίαν ἐρημον ὥστε κατοικεῖν ἐχίνους καὶ ἔσται εἰς οὐδέν καὶ θήσω αὐτὴν πηλοῦ βάραθρον εἰς ἀπώλειαν
- 24 **¶ Seyè ki gen tout pouvwa a fè sèman, li di konsa: -Sa se sèten. Sa m' te fè lide fè a, m'ap fè l'. Sa m' te deside fè a ap rive vre.**
The Lord has taken an oath, saying, My design will certainly come about, and my purpose will be effected:
τάδε λέγει κύριος σαβαωθ ὃν τρόπον εἶρηκα οὕτως ἔσται καὶ ὃν τρόπον βεβούλευμαι οὕτως μενεῖ
- 25 **M'ap kraze lame wa Lasiri a nan peyi mwen an. M'ap pilonnen l' anba pye m' sou mòn mwen yo. M'ap wete pye l' sou kou pèp mwen an, m'ap wete chay li te mete sou zepòl yo a.**
To let the Assyrian be broken in my land, and crushed under foot on my mountains: there will his yoke be taken away from them, and his rule over them come to an end.
τοῦ ἀπολέσει τοὺς ἀσσυρίους ἀπὸ τῆς γῆς τῆς ἐμῆς καὶ ἀπὸ τῶν ὀρέων μου καὶ ἔσονται εἰς καταπάτημα καὶ ἀφαιρεθήσεται ἀπ' αὐτῶν ὁ ζυγὸς αὐτῶν καὶ τὸ κῆδος αὐτῶν ἀπὸ τῶν ὄμων ἀφαιρεθήσεται
- 26 **Men sa mwen fè lide fè pou latè. Mwen pral leve men m' pou m' pini tout nasyon yo.**
This is the purpose for all the earth: and this is the hand stretched out over all nations.
αὕτη ἡ βουλή ἦν βεβούλευται κύριος ἐπὶ τὴν οἰκουμένην ὅλην καὶ αὕτη ἡ χεὶρ ἡ ὑψηλὴ ἐπὶ πάντα τὰ ἔθνη τῆς οἰκουμένης
- 27 **Depi Seyè ki gen tout pouvwa a fin pran yon desizyon, pa gen moun ki ka enpoze l' fè sa li vle fè a. Li fin lonje men l' pou l' pini, pa gen moun ki ka rete l'.**
For it is the purpose of the Lord of armies, and who will make it of no effect? when his hand is stretched out, by whom may it be turned back?
ἂ γὰρ ὁ θεὸς ὁ ἅγιος βεβούλευται τίς διασκεδάσει καὶ τὴν χεῖρα τὴν ὑψηλὴν τίς ἀποστρέψει
- 28 **Lanne wa Akaz te mouri a, men mesaj Bondye te bay lè sa a:**
In the year of the death of King Ahaz this word came to the prophet:
τοῦ ἔτους οὗ ἀπέθανεν αχαζ ὁ βασιλεὺς ἐγενήθη τὸ ῥῆμα τοῦτο
- 29 **-Nou menm, moun peyi Filisti yo, baton ki t'ap bat nou an kase. Men, nou pa bezwen kontan pou sa. Paske, lè yon sèpan mouri gen yon lòt ki pi mekan pase l' k'ap pran plas li. L'ap kale yon dragon ki gen zèl.**
Be not glad, O Philistia, all of you, because the rod which was on you is broken: for out of the snake's root will come a poison-snake, and its fruit will be a winged poison-snake.
μὴ εὐφρανθήητε πάντες οἱ ἀλλόφυλοι συνετριβὴ γὰρ ὁ ζυγὸς τοῦ παίοντος ὑμᾶς ἐκ γὰρ σπέρματος ὄφρων ἐξελεύσεται ἔκγονα ἀσπίδων καὶ τὰ ἔκγονα αὐτῶν ἐξελεύσονται ὄφεις πετόμενοι

- 30 Seyè a va tounen yon gadò pou pòv malere ki nan peyi a. L'a fè yo manje, l'a ba yo kote pou yo rete san yo pa bezwen pè ankenn danje. Men, m'ap voye yon sèl grangou sou ras moun Filisti yo, yo yonn p'ap chape.
And the poorest of the land will have food, and those in need will be given a safe resting-place: but your seed will come to an end for need of food, and the rest of you will be put to the sword.
καὶ βοσκηθήσονται πτωχοὶ δι' αὐτοῦ πτωχοὶ δὲ ἄνδρες ἐπ' εἰρήνης ἀναπαύσονται ἀνελεῖ δὲ λιμῶ τὸ σπέρμα σου καὶ τὸ κατάλειμμά σου ἀνελεῖ
- 31 Nou menm k'ap veye pòtay lavil moun Filisti yo, nou mèt plenn kont kò nou! Nou menm ki rete anndan lavil yo, nou mèt pouse kont rèl nou. Nou tout moun peyi Filisti yo, nou mèt tranble nan tout kò nou. Yon nwaj nwa ap vini sot nan nò. Se yon gwo lame. Pa gen yonn nan sòlda li yo k'ap fè kazwèl!
Send out a cry, O door! Make sounds of sorrow, O town! All your land has come to nothing, O Philistia; for there comes a smoke out of the north, and everyone keeps his place in the line.
ὀλοῦζετε πύλαι πόλεων κεκραγέτωσαν πόλεις τεταραγμέναι οἱ ἀλλόφυλοι πάντες ὅτι καπνὸς ἀπὸ βορρᾶ ἔρχεται καὶ οὐκ ἔστιν τοῦ εἶναι
- 32 Kisa n'a reponn mesaj moun peyi Filisti yo va voye kote nou an? N'a di yo se Seyè a menm ki mete peyi Siyon an kanpe ankò pou tout bon. Se la tout pèp li a, pèp ki t'ap soufri a, va vin jwenn pwoteksyon.
What answer, then, will my people give to the representatives of the nation? That the Lord is the builder of Zion, and she will be a safe place for the poor of his people.
καὶ τί ἀποκριθήσονται βασιλεῖς ἐθνῶν ὅτι κύριος ἐθεμελίωσεν σιὼν καὶ δι' αὐτοῦ σωθήσονται οἱ ταπεινοὶ τοῦ λαοῦ
- 1 ¶ Men sa Bondye di k'ap rive peyi Moab: -Y'ap detwi lavil A Moab nan yon grenn nwit. Tout peyi Moab la frèt! Y'ap pran yon sèl nwit pou yo detwi lavil Ki Moab la! Apre sa, tout peyi a frèt!
The word about Moab. For in a night Ar of Moab has become waste, and is seen no longer; for in a night Kir of Moab has become waste, and is seen no longer.
τὸ ῥῆμα τὸ κατὰ τῆς μοαβίτιδος νυκτὸς ἀπολεῖται ἢ μοαβίτις νυκτὸς γὰρ ἀπολεῖται τὸ τεῖχος τῆς μοαβίτιδος
- 2 Moun peyi Moab yo ap kouri moute lavil Dibon, sou tèt mòn yo pou y' al kriye. Moun peyi Moab yo pral plenn tèlman y'ap nan lapenn pou lavil Nebo ak lavil Medeba. Yo taye tout cheve nan tèt yo, yo koupe tout bab nan figi yo.
The daughter of Dibon has gone up to the high places, weeping: Moab is sounding her cry of sorrow over Nebo, and over Medeba: everywhere the hair of the head and of the face is cut off.
λυπεῖσθε ἐφ' ἑαυτοῖς ἀπολεῖται γὰρ καὶ δηβὼν οὐ ὅ βωμὸς ὑμῶν ἐκεῖ ἀναβήσεσθε κλαίειν ἐπὶ ναβὼν τῆς μοαβίτιδος ὀλοῦζετε ἐπὶ πάσης κεφαλῆς φαλάκρωμα πάντες βραχίονες κατατετημένοι
- 3 Nan tout lari, moun ap mache ak rad sak sou yo. Sou tout plas piblik, sou teras anwo tout kay, moun ap plenn. Dlo ap koule nan je yo tout.
In their streets they are covering themselves with haircloth: on the tops of their houses, and in their public places, there is crying and bitter weeping.
ἐν ταῖς πλατείαις αὐτῆς περιζώσασθε σάκκους καὶ κόπτεσθε ἐπὶ τῶν δωμάτων αὐτῆς καὶ ἐν ταῖς ρύμαις αὐτῆς πάντες ὀλοῦζετε μετὰ κλαυθμοῦ
- 4 Moun lavil Esbon ak moun lavil Eleale ap pouse rèl. Moun tande yo jouk lavil Jakaz. Ata sòlda lame Moab yo ap tranble. Yo pèdi tout kouraj yo.
Heshbon is crying out, and Elealeh; their voice is sounding even to Jahaz: for this cause the heart of Moab is shaking; his soul is shaking with fear.
ὅτι κέκραγεν εσεβων καὶ ελεαλη ἕως ιασσα ἠκούσθη ἢ φωνὴ αὐτῶν διὰ τοῦτο ἢ ὄσφὺς τῆς μοαβίτιδος βοᾷ ἢ ψυχή αὐτῆς γνῶσεται
- 5 Kè m' ap fann pou peyi Moab! Moun li yo ap kouri al kache jouk lavil Zoa ak lavil Eglath-Chelichiya. Moun ap kriye antan y'ap rale moute ti pant pou rive lavil Loukit la. Moun ap rele antan y'ap kouri met deyò sou wout ki mennen lavil Owonayim lan.
My heart is crying out for Moab; her people go in flight to Zoar, and to Eglath-shelishiyah: for they go up with weeping by the slope of Luhith; on the way to Horonaim they send up a cry of destruction.
ἡ καρδία τῆς μοαβίτιδος βοᾷ ἐν αὐτῇ ἕως σηγὼρ δάμαλις γὰρ ἔστιν τριετῆς ἐπὶ δὲ τῆς ἀναβάσεως τῆς λουιθ πρὸς σὲ κλαίοντες ἀναβήσονται τῇ ὁδῷ αρωνιμ βοᾷ σύντριμμα καὶ σεισμός
- 6 ¶ Larivyè Nimrim chèch. Tout zèb fin cheche. Fèy pyebwa yo fennen. Tout pyebwa mourì.
The waters of Nimrim will become dry: for the grass is burned up, the young grass is coming to an end, every green thing is dead.
τὸ ὕδωρ τῆς νεμμὶ ἐρημον ἔσται καὶ ὁ χόρτος αὐτῆς ἐκλείψει χόρτος γὰρ χλωρὸς οὐκ ἔσται
- 7 Tout moun ap janbe lòt bò ravin Banbou avèk tou sa yo genyen ak tout pwovizyon yo.
For this cause they will take away their wealth, and the stores they have got together, over the stream of the water-plants.
μὴ καὶ οὕτως μέλλει σωθῆναι ἐπάξω γὰρ ἐπὶ τὴν φάραγγα ἄραβας καὶ λήμψονται αὐτήν
- 8 Toupatou, sou fwontyè peyi Moab la, se rèl. Rèl yo rive jouk nan zòrèy moun lavil Eglayim ak moun lavil Berelim.
For the cry has gone round the limits of Moab; as far as to Eglaim and Beer-elim.
συνῆψεν γὰρ ἢ βοῆ τὸ ὄριον τῆς μοαβίτιδος τῆς ἀγαλλμὶ καὶ ὀλολυγμὸς αὐτῆς ἕως τοῦ φρέατος τοῦ αἰλιμ
- 9 Lavil Dimon, dlo larivyè a wouj ak san! Men Bondye pare yon pi gwo malè pou lavil Dimon. Se la yon lyon pral touye dènye moun peyi Moab ki te resi chape kò yo. Se la tout rèl moun peyi Moab yo pral mourì.
For the waters of Dimon are full of blood: and I'm sending even more on Moab, a lion on those of Moab who go in flight, and on the rest of the land.
τὸ δὲ ὕδωρ τὸ ρεμμὼν πλησθήσεται αἵματος ἐπάξω γὰρ ἐπὶ ρεμμὼν ἄραβας καὶ ἄρῶ τὸ σπέρμα μοαβ καὶ ἀριηλ καὶ τὸ κατάλοιπον ἀδαμα

- 1 ¶ Moun peyi Moab yo ap rete lavil Sila nan dezè a, y'ap voye yon mouton fè chèf lavil Jerizalèm lan kado sou tèt mòn Siyon an.
And they will send ... to the mountain of the daughter of Zion.
ἀποστελῶ ὡς ἐρπετὰ ἐπὶ τὴν γῆν μὴ πέτρα ἔρημός ἐστιν τὸ ὄρος σιων
- 2 Y'ap rete tann bò larivyè Anon an. Yo san pozisyon, yo tankou ti zwazo yo mete deyò nan nich yo.
For the daughters of Moab will be like wandering birds, like a place from which the young birds have gone in flight, at the ways across the Arnon.
ἔση γὰρ ὡς πετεινοῦ ἀνιπταμένου νεοσσός ἀφηρημένος θύγατερ μωαβ ἔπειτα δέ αρνων
- 3 Y'ap di moun peyi Jida yo: -Ban nou ti konsèy non! Di nou sa pou nou fè! Pwoteje nou anba zèl ou, tankou yon pyebwa k'ap bay bon lonbray fre gwo midi. Se chape n'ap chache chape kò nou.
Tanpri, kache nou. Pa lage nou nan men lènmi nou yo.
Give wise directions, make a decision; let your shade be as night in full day: keep safe those who are in flight; do not give up the wandering ones.
πλεῖονα βουλεύου ποιεῖτε σκέπην πένθους αὐτῆ διὰ παντός ἐν μεσημβρινῇ σκοτίᾳ φεύγουσιν ἐξέστησαν μὴ ἀπαχθῆς
- 4 Kite nou rete nan peyi nou an. Pwoteje nou anba moun ki sot pou fini ak nou yo. Moun ki t'ap kraze nou an p'ap la ankò. Piyay la ap fini. Moun ki t'ap pilonnen peyi a anba pye yo a ap disparèt.
Let those who have been forced out of Moab have a resting-place with you; be a cover to them from him who is making waste their land: till the cruel ones are cut off, and wasting has come to an end, and those who take pleasure in crushing the poor are gone from the land.
παρρηκίησουσίν σοι οἱ φυγάδες μωαβ ἔσονται σκέπη ὑμῖν ἀπὸ προσώπου διώκοντος ὅτι ἦρθη ἡ συμμαχία σου καὶ ὁ ἄρχων ἀπόλετο ὁ καταπατῶν ἐπὶ τῆς γῆς
- 5 Gouvènman peyi Jida a pral kanpe byen kanpe. Yon chèf pral soti nan ras fanmi wa David la. Li pral moute chita sou fotèy la pou l' dirije pèp la avèk bon kè, san patipri. L'ap soti pou l' fè sa ki dwat devan Bondye. L'ap prese fè tout moun jistis.
Then a king's seat will be based on mercy, and one will be seated on it in the tent of David for ever; judging uprightly, and quick to do righteousness.
καὶ διορθωθήσεται μετ' ἐλέους θρόνος καὶ καθίεται ἐπ' αὐτοῦ μετὰ ἀληθείας ἐν σκηνῇ δαυὶδ κρίνων καὶ ἐκζητῶν κρίμα καὶ σπεύδων δικαιοσύνην
- 6 ¶ Moun peyi Jida yo di: -Nou tandè jan moun Moab yo se moun ki gen lògèy. Wa pa kouzen yo. Nou konnen jan yo estomake, jan yo gen gwo tanta, jan yo awogan. Men, tou sa se van. Anyen menm!
We have had word of the pride of Moab, how great it is; how he is lifted up in pride and passion: his high words about himself are false.
ἠκούσαμεν τὴν ὕβριν μωαβ ὕβριστῆς σφόδρα τὴν ὑπερηφανίαν ἐξῆρας οὐχ οὕτως ἡ μαντεία σου
- 7 Men moun Moab yo pral plenyen sò peyi Moab la. Yo tout pral kriye lè y'a chonje bon pen rezen yo konn jwenn lavil Kyerès. Yo pral plenn, y'ap pèdi tout kouraj yo.
For this cause everyone in Moab will give cries of grief for Moab: crushed to the earth, they will be weeping for the men of Kir-hareseth.
οὐχ οὕτως ὀλολύξει μωαβ ἐν γὰρ τῇ μωαβίτιδι πάντες ὀλολύξουσιν τοῖς κατοικοῦσιν δεσεθ μελετήσεις καὶ οὐκ ἐντραπήση
- 8 Gwo jaden peyi Esbon yo pral deperi. Pye rezen lavil Sibma yo ki te konn bay bon diven chèf nasyon yo te konn bwè a pral cheche. Te gen yon lè jaden rezen sa yo te rive jouk bò lavil Jazè. Yo te pouse kouvri tout dezè a. Yo te gaye kò yo toupatou rive lòt bò lanmè Mouri a.
For the fields of Heshbon are waste, the vine of Sibmah is dead; the lords of nations were overcome by the produce of her vines; her vine-plants went as far as Jazer, and came even to the waste land; her branches were stretched out to the sea.
τὰ πεδία εσεβων πενήσει ἄμπελος σεβαμα καταπίνοντες τὰ ἔθνη καταπατήσατε τὰς ἀμπέλους αὐτῆς ἕως ιαζηρ οὐ μὴ συνάψητε πλανήθητε τὴν ἔρημον οἱ ἀπεσταλμένοι ἐγκατελείφθησαν διέβησαν γὰρ ῥ τὴν ἔρημον
- 9 Se poutèt sa, m'ap kriye pou pye rezen Sibma yo, jan mwen te kriye pou jaden rezen Jazè yo. Dlo ap kouri nan je m' pou Esbon ak Eleale, paske moun ap rele pou bèl rezen yo te konn rekòlte la a.
For this cause my sorrow for the vine of Sibmah will be like the weeping for Jazer: my eyes are dropping water on you, O Heshbon and Elealeh! For they are sounding the war-cry over your summer fruits and the getting in of your grain;
διὰ τοῦτο κλαύσομαι ὡς τὸν κλαυθμὸν ιαζηρ ἄμπελον σεβαμα τὰ δένδρα σου κατέβαλεν εσεβων καὶ ελεαλη ὅτι ἐπὶ τῷ θερισμῷ καὶ ἐπὶ τῷ τρυγῆτῳ σου καταπατήσω καὶ πάντα πεσοῦνται
- 10 Nanpwen kè kontan ak fèt nan jaden nou yo! Nan jaden rezen nou yo, nanpwen chante, nanpwen koudjay ankò! Pa gen rezen pou kraze nan basen kote yo fè ji. Tout fèt kaba!
And all joy is gone; no longer are they glad for the fertile field; and in the vine-gardens there are no songs or sounds of joy: the crushing of grapes has come to an end, and its glad cry has been stopped.
καὶ ἀρθήσεται εὐφροσύνη καὶ ἀγαλλίαμα ἐκ τῶν ἀμπελώνων σου καὶ ἐν τοῖς ἀμπελώσιν σου οὐ μὴ εὐφρανθήσονται καὶ οὐ μὴ πατήσουσιν οἶνον εἰς τὰ ὑπολήνια πέπνται γὰρ
- 11 Se poutèt sa, m'a plenn, kè m' fè m' mal pou peyi Moab, mwen nan gwo lapenn pou lavil Kyerès.
For this cause the cords of my heart are sounding for Moab, and I am full of sorrow for Kir-heres.
διὰ τοῦτο ἡ κοιλία μου ἐπὶ μωαβ ὡς κιθάρα ἠγήσει καὶ τὰ ἐντός μου ὡσεὶ τεῖχος ὃ ἐνεκαίνισας
- 12 Moun peyi Moab yo ap touye tèt yo moute nan mòn. Yo pral nan tanp pou yo lapriyè. Men, sa p'ap sèvi yo anyen.
And when Moab goes up to the high place, and makes prayer in the house of his god, it will have no effect.
καὶ ἔσται εἰς τὸ ἐντραπήναί σε ὅτι ἐκοπίασεν μωαβ ἐπὶ τοῖς βομοῖς καὶ εἰσελεύσεται εἰς τὰ χειροποίητα αὐτῆς ὥστε προσεύξασθαι καὶ οὐ μὴ δύνηται ἐξελεῖσθαι αὐτόν

- 13 Anvan sa, men sa Seyè a te di k'ap rive lavil Moab la.
This is the word which the Lord said about Moab in the past.
 τοῦτο τὸ ῥῆμα ὃ ἐλάλησεν κύριος ἐπὶ μοαβ ὅποτε καὶ ἐλάλησεν
- 14 Koulye a, Seyè a pale ankò. Li di konsa: Nan twazan, jou pou jou, tankou moun k'ap travay pou lajan kalkile lè travay yo, yo pral pase sa ki fè pouvwa peyi Moab la nan tenten. Atout li gen anpil moun koulye a, se de twa ase ki pral rete, yon ti ponyen tou fèb ki p'ap vo anyen!
But now the Lord has said, In three years, the years of a servant working for payment, the glory of Moab, all that great people, will be turned to shame, and the rest of Moab will be very small and without honour.
 καὶ νῦν λέγω ἐν τρισὶν ἔτεσιν ἐτῶν μισθοτοῦ ἀτιμασθήσεται ἡ δόξα μοαβ ἐν παντὶ τῷ πλούτῳ τῷ πολλῷ καὶ καταλειφθήσεται ὀλιγοστός καὶ οὐκ ἐντιμος
- 1 ¶ Men sa Bondye di k'ap rive lavil Damas: -Lavil Damas p'ap yon lavil ankò. L'ap tounen yon pil demoli.
The word about Damascus. See, they have made Damascus a town no longer; it has become a waste place.
 τὸ ῥῆμα τὸ κατὰ δαμασκοῦ ἰδοὺ δαμασκὸς ἀρθήσεται ἀπὸ πόλεων καὶ ἔσται εἰς πτώσιν
- 2 Moun p'ap janm rete nan lavil peyi Siri yo ankò. Se la bèf, mouton ak kabrit pral jwenn zèb pou yo manje. Se la y'a rete san pesonn pa chase yo met deyò.
Her towns are unpeopled for ever; there the flocks take their rest in peace, without fear.
 καταλειμμένη εἰς τὸν αἰῶνα εἰς κοίτην ποιμνίων καὶ ἀνάπαυσιν καὶ οὐκ ἔσται ὁ δῖόκων
- 3 Peyi Efrayim lan pral rete san anyen pou pwoteje l'. Lavil Damas pral pèdi libète granmoun li. Ti rès moun peyi Siri a pral gen menm sò ak ti rès moun pèp Izrayèl yo. Yo pral pèdi bèl pouvwa yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa.
The strong tower has gone from Ephraim, and the kingdom from Damascus: the rest of Aram will come to destruction, and be made like the glory of the children of Israel, says the Lord of armies.
 καὶ οὐκέτι ἔσται ὄχυρὰ τοῦ καταφυγεῖν εφραϊμ καὶ οὐκέτι ἔσται βασιλεία ἐν δαμασκῷ καὶ τὸ λοιπὸν τῶν σύρων ἀπολείται οὐ γάρ σὺ βελτίων εἶ τῶν υἱῶν ἰσραὴλ. καὶ τῆς δόξης αὐτῶν τάδε λέγει κύριος ὁ σαβαωθ
- 4 Seyè a di ankò: -Yon jou gen pou rive. Lè sa a, tout bèl pouvwa peyi Jakòb la pral disparèt. L'ap pèdi tout richès li, l'ap vin pòv.
And it will be in that day that the glory of Jacob will be made small, and the strength of his body will become feeble.
 ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔκλειψις τῆς δόξης ἰακωβ καὶ τὰ πύονα τῆς δόξης αὐτοῦ σεισθήσεται
- 5 Peyi Izrayèl la ap tankou yon jaden diri mi yo fin koupe, yo ranmase pote ale. L'ap tankou jaden pitimi nan plenn Refayim lè yo fin ranmase grap ki tonbe atè apre rekòt la.
And it will be like a man cutting the growth of his grain, pulling together the heads of the grain with his arm; even as when they get in the grain in the valley of Rephaim.
 καὶ ἔσται ὡν τρόπον ἐάν τις συναγάγῃ ἀμητῶν ἐστηκότα καὶ σπέρμα σταχῶν ἐν τῷ βραχίονι αὐτοῦ ἀμήσῃ καὶ ἔσται ὡν τρόπον ἐάν τις συναγάγῃ στάχυν ἐν φάραγγι στερεῶ
- 6 ¶ Se sèlman de twa moun k'ap rete vivan. Peyi Izrayèl la ap tankou yon pye oliv apre yo fin keyi tout donn li: se de twa grenn ki rete nan tèt la ak kat ou senk sou branch yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa.
But it will be like a man shaking an olive-tree, something will still be there, two or three berries on the top of the highest branch, four or five on the outside branches of a fertile tree, says the Lord, the God of Israel.
 καὶ καταλειφθῆ ἐν αὐτῇ καλάμη ἡ ὡς ῥῶγες ἐλαιᾶς δύο ἢ τρεῖς ἐπ' ἄκρου μετεώρου ἡ τέσσαρες ἢ πέντε ἐπὶ τῶν κλάδων αὐτῶν καταλειφθῆ τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ.
- 7 Jou sa a, moun va vire tèt yo bò Bondye ki te kreye yo a, y'a leve je yo gade Bondye pèp Izrayèl la.
In that day a man's heart will be turned to his Maker, and his eyes to the Holy One of Israel.
 τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ πεποιθὼς ἔσται ἄνθρωπος ἐπὶ τῷ ποιήσαντι αὐτόν οἱ δὲ ὀφθαλμοὶ αὐτοῦ εἰς τὸν ἅγιον τοῦ ἰσραὴλ ἐμβλέψονται
- 8 Yo p'ap vire tèt yo bò lotèl zidòl yo te fè ak men yo. Yo p'ap leve je yo gade potò yo te mete kanpe pou Achera, zidòl fanm lan, ak lotèl kote y'ap boule lansan an.
He will not be looking to the altars, the work of his hands, or to the wood pillars or to the sun-images which his fingers have made.
 καὶ οὐ μὴ πεποιθότες ὦσιν ἐπὶ τοῖς βωμοῖς οὐδὲ ἐπὶ τοῖς ἐργοῖς τῶν χειρῶν αὐτῶν ἃ ἐποίησαν οἱ δάκτυλοι αὐτῶν καὶ οὐκ ὄψονται τὰ δένδρα αὐτῶν οὐδὲ τὰ βδελύγματα αὐτῶν
- 9 ¶ Lè jou sa a va rive, moun pral kouri kite tout lavil kote yo te konn al chache pwoteksyon yo. Se va tankou lè moun Ivi yo ak moun Amon yo te kouri kite tout lavil yo devan pèp Izrayèl la. Lavil yo pral tounen savann.
In that day your towns will be like the waste places of the Hivites and the Amorites which the children of Israel took for a heritage, and they will come to destruction.
 τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσονται αἱ πόλεις σου ἐγκαταλειμμένα ὡν τρόπον ἐγκατέλιπον οἱ ἀμορραῖοι καὶ οἱ εὐαῖοι ἀπὸ προσώπου τῶν υἱῶν ἰσραὴλ καὶ ἔσονται ἔρημοι
- 10 Nou menm pèp Izrayèl, nou te bliye Bondye ki te delivre nou an. Nou pa t' chonje Bondye ki te pwoteje nou an. Se poutèt sa n'ap plante bèl ti jaden sou kote pou fè sèvis pou zidòl moun lòt nasyon yo.
For you have not given honour to the God of your salvation, and have not kept in mind the Rock of your strength; for this cause you made a garden of Adonis, and put in it the vine-cuttings of a strange god;
 διότι κατέλιπες τὸν θεὸν τὸν σωτήρά σου καὶ κυρίου τοῦ βοηθοῦ σου οὐκ ἐμνήσθης διὰ τοῦτο φυτεύσεις φύτευμα ἄπιστον καὶ σπέρμα ἄπιστον

- 11 Menm si yo ta rive pouse menm jou nou plante yo a, pou menm jou a nan maten yo pran fleri, nou p'ap rekòlte. Paske menm jou a tou, y'ap deperi. Se va yon gwo lapenn ki p'ap janm fini.
In the day of your planting you were watching its growth, and in the morning your seed was flowering: but its fruit is wasted away in the day of grief and bitter sorrow.
τῆ δὲ ἡμέρᾳ ἣ ἂν φυτεύσης πλανηθήσῃ τὸ δὲ πρωὶ ἐὰν σπείρῃς ἀνήσῃ εἰς ἀμητὸν ἣ ἂν ἡμέρᾳ κληρώσῃ καὶ ὡς πατὴρ ἀνθρώπου κληρώσῃ τοῖς υἱοῖς σου
- 12 ¶ Ki malè sa a? Yon foul moun k'ap toumante kò yo tankou lè lanmè a move. Y'ap bat kò yo fè gwo bri tankou lanm lanmè k'ap frape ak fòs sou rivaj la.
Ah! the voice of peoples, like the loud sounding of the seas, and the thundering of great nations rushing on like the bursting out of waters!
οὐαὶ πλῆθος ἐθνῶν πολλῶν ὡς θάλασσα κυμαίνουσα οὕτως παραχθήσεται καὶ νῶτος ἐθνῶν πολλῶν ὡς ὕδωρ ἠχῆσει
- 13 Nasyon yo ap bat kò yo tankou lanmè lè li move. Men, Bondye rele dèyè yo, li fè yo kouri al byen lwen. Li bwote yo ale tankou van k'ap leve pousyè sou mòn yo, tankou van siklòn k'ap pote pay ale.
But he will put a stop to them, and make them go in flight far away, driving them like the waste of the grain on the tops of the mountains before the wind, and like the circling dust before the storm.
ὡς ὕδωρ πολὺ ἔθνη πολλὰ ὡς ὕδατος πολλοῦ βία καταφερομένου καὶ ἀποσκορακειῖ αὐτὸν καὶ πόρρω αὐτὸν διώξεται ὡς γροῦν ἀχόρου λυκμώντων ἀπέναντι ἀνέμου καὶ ὡς κονιορτὸν τροχοῦ καταγιγῆς φέρουσα
- 14 Nan aswè, y'ap bay moun kè sote. Anvan solèy leve, w'ap chache yo, ou p'ap jwenn yo. Men sa k'ap tann tout moun k'ap piye nou yo, moun k'ap pwofite sou nou yo.
In the evening there is fear, and in the morning they are gone. This is the fate of those who take our goods, and the reward of those who violently take our property for themselves.
πρὸς ἑσπέραν ἔσται πένθος πρὶν ἢ πρωὶ καὶ οὐκ ἔσται αὕτη ἡ μερὶς τῶν ὑμᾶς προνομευσάντων καὶ κληρονομία τοῖς ὑμᾶς κληρονομήσασιν
- 1 ¶ Lèt bò larivyè peyi Letiopi yo, gen yon peyi kote yo tande yon bri tankou bri zèl yon bann krikèt.
Ho! land of the sounding of wings, on the other side of the rivers of Ethiopia:
οὐαὶ γῆς πλοίων πτέρυγες ἐπέκεινα ποταμῶν αἰθιοπίας
- 2 Mesaje ap sot nan peyi sa a, y'ap desann larivyè Nil lan nan pipirit fèt ak wozo. Nou menm mesaje yo, mete zèl nan pye nou. Tounen lakay nou. Pote nouvèl la bay moun peyi nou an. Se yon gwo peyi ki fò anpil, ki gen anpil larivyè k'ap koule ladan l'. Al pote nouvèl la bay moun bèl wotè yo, ki gen po yo boule nan solèy. Se yon pèp tout moun pè.
Which sends its representatives by the sea, even in ships of papyrus on the waters. Go back quickly, O representatives, to a nation tall and smooth, to a people causing fear through all their history; a strong nation, crushing down its haters, whose land is cut through by rivers.
ὁ ἀποστέλλων ἐν θαλάσῃ ὄμηρα καὶ ἐπιστολάς βυβλίνας ἐπάνω τοῦ ὕδατος πορεύσονται γὰρ ἄγγελοι κοῦφοι πρὸς ἔθνος μετέωρον καὶ ξένον λαὸν καὶ χαλεπὸν τίς αὐτοῦ ἐπέκεινα ἔθνος ἀνέλπιστον καὶ ἰ καταπεπατημένον νῦν οἱ ποταμοὶ τῆς γῆς
- 3 Nou tout ki rete sou latè, leve je nou gade. Yo pral bay siyal la ak drapo kanpe sou tèt mòn yo. Louvri zòrèy nou, tande. Yo pral sonnen klewon an.
All you peoples of the world, and you who are living on the earth, when a flag is lifted up on the mountains, give attention; and when the horn is sounded, give ear.
πάντες ὡς χώρα κατοικουμένη κατοικηθήσεται ἡ χώρα αὐτῶν ὡσεὶ σημεῖον ἀπὸ ὄρους ἀρθῆ ὡς σάλπιγγος φωνῆ ἀκουστὸν ἔσται
- 4 Seyè a di m' konsa: M'ap rete rete m' kote m' ye nan syèl la, m'ap gade anba san m' pa fè ankenn bri, tankou solèy la lè l'ap klere gwo midi, tankou lawouze k'ap tonbe nan mitan chalè lannwit nan sezon rekòt.
For this is what the Lord has said to me: I will be quiet, watching from my place; like the clear heat when the sun is shining, like a mist of dew in the heat of summer.
ὅτι οὕτως εἶπέν μοι κύριος ἀσφάλεια ἔσται ἐν τῇ ἐμῇ πόλει ὡς φῶς καύματος μεσημβρίας καὶ ὡς νεφέλη δρόσου ἡμέρας ἀμήτου ἔσται
- 5 Paske, menm jan anvan rekòt rezen yo, lè yo fin fleri, lè rezen yo pral mi, yo debranche yo ak kouto, yo wete tout ti branch yo, yo ba yo lè, se konsa lènmi yo pral detwi moun peyi Letiopi yo.
For before the time of getting in the grapes, after the opening of the bud, when the flower has become a grape ready for crushing, he will take away the small branches with knives, cutting down and taking away the wide-stretching branches.
πρὸ τοῦ θερισμοῦ ὅταν συντελεσθῆ ἄνθος καὶ ὄμφαξ ἀνήσῃ ἄνθος ὄμφακίζουσα καὶ ἀφελεῖ τὰ βοτρώδια τὰ μικρὰ τοῖς δρεπάνοις καὶ τὰς κληματίδας ἀφελεῖ καὶ κατακόψει
- 6 Yo pral kite kadav sòlda yo konsa pou zwezo ki manje vyann epi ki rete nan mòn ak pou bèt nan bwa. Nan sezon chalè, zwezo va vin manje yo. Nan sezon fredyè, se bèt nan bwa ki va vin manje yo.
They will be for the birds of the mountains, and for the beasts of the earth: the birds will come down on them in the summer, and the beasts of the earth in the winter.
καὶ καταλείψει ἅμα τοῖς πετεινοῖς τοῦ οὐρανοῦ καὶ τοῖς θηρίοις τῆς γῆς καὶ συναχθήσεται ἐπ' αὐτοὺς τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ καὶ πάντα τὰ θηρία τῆς γῆς ἐπ' αὐτὸν ἤξει
- 7 Lè sa a, bann moun bèl wotè ki gen po yo boule nan solèy, pèp tout moun pè a, moun ki rete nan gwo peyi ki gen fò anpil la, yo menm ki rete nan peyi ki nan tèt dlo larivyè Nil lan, y'a pote kado bay Seyè ki gen tout pouwva a. Y'a vin jouk sou mòn Siyon an kote moun fè sèvis pou Seyè ki gen tout pouwva a.
In that time an offering will be made to the Lord of armies from a people tall and smooth, causing fear through all their history; a strong nation, crushing down its haters, whose land is cut through by rivers, an offering taken to the place of the name of the Lord of armies, even Mount Zion.
ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνο ἀνερχθήσεται δῶρα κυρίῳ σαβαωθ ἐκ λαοῦ τεθλιμμένου καὶ τετιμμένου καὶ ἀπὸ λαοῦ μεγάλου ἀπὸ τοῦ νῦν καὶ εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον ἔθνος ἐλπίζον καὶ καταπεπατημένον ὃ ἔστιν ἐν μέρει ποταμοῦ τῆς χώρας αὐτοῦ εἰς τὸν τόπον οὗ τὸ ὄνομα κυρίου σαβαωθ ἐπεκλήθη ὄρος σίων

- 1 ¶ Men mesaj Bondye bay sou peyi Lejip la: -Seyè a chita sou yon nwaj k'ap kouri desann bò peyi Lejip la. Zidòl Lejip yo tranble devan l'. Moun peyi Lejip yo gen kè kase.
The word about Egypt. See, the Lord is seated on a quick-moving cloud, and is coming to Egypt: and the false gods of Egypt will be troubled at his coming, and the heart of Egypt will be turned to water.
ὄρασις αἰγύπτου ἰδοὺ κύριος κάθηται ἐπὶ νεφέλης κούφης καὶ ἕξει εἰς αἴγυπτον καὶ σεισθήσεται τὰ χειροποίητα αἰγύπτου ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ καὶ ἡ καρδία αὐτῶν ἠττηθήσεται ἐν αὐτοῖς
- 2 Seyè a di: M'ap fè moun peyi Lejip yo leve yonn dèyè lòt. Yo pral goumen yonn ak lòt, vwazinaj ak vwazinaj, vil ak vil, chèf ak chèf.
And I will send the Egyptians against the Egyptians: and they will be fighting every one against his brother, and every one against his neighbour; town against town, and kingdom against kingdom.
καὶ ἐπεγερθήσονται αἰγύπτιοι ἐπ' αἰγυπτίους καὶ πολεμῆσει ἄνθρωπος τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ καὶ ἄνθρωπος τὸν πλησίον αὐτοῦ πόλις ἐπὶ πόλιν καὶ νομὸς ἐπὶ νομὸν
- 3 Nou pral fè yo pèdi tèt yo, yo p'ap konn sa pou yo fè. Yo pral rele nan pye zidòl yo, yo pral kay majisyen, kay divinò ak kay moun k'ap rele mò.
And the spirit of Egypt will be troubled in her, and I will make her decisions without effect: and they will be turning to the false gods, and to those who make hollow sounds, and to those who have control of spirits, and to those who are wise in secret arts.
καὶ παραθήσεται τὸ πνεῦμα τῶν αἰγυπτίων ἐν αὐτοῖς καὶ τὴν βουλὴν αὐτῶν διασκεδάσω καὶ ἐπερωτήσουσιν τοὺς θεοὺς αὐτῶν καὶ τὰ ἀγάλματα αὐτῶν καὶ τοὺς ἐκ τῆς γῆς φωνοῦντας καὶ τοὺς ἐγγασ τριμύθους
- 4 Mwen pral lage moun Lejip yo nan men yon chèf ki rèd anpil, nan men yon wa mekan ki pral gouvènè yo. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa!
And I will give the Egyptians into the hand of a cruel lord; and a hard king will be their ruler, says the Lord, the Lord of armies.
καὶ παραδώσω αἴγυπτον εἰς χεῖρας ἀνθρώπων κυρίων σκληρῶν καὶ βασιλεῖς σκληροὶ κυριεύσουσιν αὐτῶν τάδε λέγει κύριος σαβαωθ
- 5 Dlo larivyè Nil lan pral bese jouk l'a rive chèch nèt.
And the waters of the sea will be cut off, and the river will become dry and waste:
καὶ πίνονται οἱ αἰγύπτιοι ὕδωρ τὸ παρὰ θάλασσαν ὁ δὲ ποταμὸς ἐκλείψει καὶ ξηρανθήσεται
- 6 Kannal yo pral santi, dlo kannal yo pral bese jouk yo chèch. Pye wozo ak pye jon yo pral fennen.
And the rivers will have an evil smell; the stream of Egypt will become small and dry: all the water-plants will come to nothing.
καὶ ἐκλείψουσιν οἱ ποταμοὶ καὶ αἱ διώρυγες τοῦ ποταμοῦ καὶ ξηρανθήσεται πᾶσα συναγωγὴ ὕδατος καὶ ἐν παντὶ ἔλει καλάμου καὶ παπύρου
- 7 Tout pyebwa ki pouse, tout jaden yo te plante bò larivyè Nil, depi anwo jouk nan lanbouchi, pral cheche. Van pral bwote yo ale, li p'ap kite anyen.
The grass-lands by the Nile, and everything planted by the Nile, will become dry, or taken away by the wind, and will come to an end.
καὶ τὸ ἄχι τὸ χλωρὸν πᾶν τὸ κύκλω τοῦ ποταμοῦ καὶ πᾶν τὸ σπειρόμενον διὰ τοῦ ποταμοῦ ξηρανθήσεται ἀνεμόφθορον
- 8 Pechè yo pral plenn, moun ki te konn peche pwason ak zen nan larivyè a pral pran lapenn. Moun ki te konn voye privye nan larivyè a pral nan gwo chagren.
The fishermen will be sad, and all those who put fishing-lines into the Nile will be full of grief, and those whose nets are stretched out on the waters will have sorrow in their hearts.
καὶ στενάξουσιν οἱ ἀλλεῖς καὶ στενάξουσιν πάντες οἱ βάλλοντες ἄγκιστρον εἰς τὸν ποταμὸν καὶ οἱ βάλλοντες σαγήνας καὶ οἱ ἀμφιβολεῖς πενήσουσιν
- 9 Moun ki te konn fè bèl twal swa yo pral dekouraje. Sa ki te konn tise lenn yo, sa ki te konn tise bèl twal blan yo pral nan lafliksyon.
And all the workers in linen thread, and those who make cotton cloth, will be put to shame.
καὶ αἰσχύνη λήμψεται τοὺς ἐργαζομένους τὸ λίνον τὸ σιστὸν καὶ τοὺς ἐργαζομένους τὴν βύσσον
- 10 Bòs k'ap fè twal yo pral nan gwo tèt chaje. Moun k'ap travay yo menm pral nan gwo lapenn.
And the makers of twisted thread will be crushed, and those who ... will be sad in heart.
καὶ ἔσονται οἱ διαζόμενοι αὐτὰ ἐν ὀδῶν καὶ πάντες οἱ τὸν ζῆθον ποιοῦντες λυπηθήσονται καὶ τὰς ψυχὰς πονέσουσιν
- 11 Chèf lavil Zoan yo, se yon bann moun sòt! Sa ki pi fò nan moun k'ap bay farawon an konsèy yo, se ranse y'ap ranse. Ki jan yo ka fè di wa a se pitit ansyen moun lespri ak pitit ansyen wa yo li ye?
The chiefs of Zoan are completely foolish; the wisest guides of Pharaoh have become like beasts: how do you say to Pharaoh, I am the son of the wise, the offspring of early kings?
καὶ μοροὶ ἔσονται οἱ ἄρχοντες τάνεως οἱ σοφοὶ σύμβουλοι τοῦ βασιλέως ἢ βουλή αὐτῶν μορανθήσεται πῶς ἐρεῖτε τῷ βασιλεῖ υἱοὶ συνετῶν ἡμεῖς υἱοὶ βασιλέων τῶν ἐξ ἀρχῆς
- 12 Farawon, kote moun lespri ou yo? Se pou yo ka di ou sa Seyè ki gen tout pouvwa a gen lide fè peyi Lejip pase! Se pou yo ka fè ou konn sa!
Where, then, are your wise men? let them make clear to you, let them give you knowledge of the purpose of the Lord of armies for Egypt.
ποῦ εἰσιν νῦν οἱ σοφοὶ σου καὶ ἀναγγελάτωσάν σοι καὶ εἰπάτωσαν τί βεβούλευται κύριος σαβαωθ ἐπ' αἴγυπτον
- 13 Chèf lavil Zoan ak chèf lavil Menmfis yo, se yon bann moun sòt! Yo kite moun ap twonpe yo! Yo te la pou mennen peyi Lejip sou bon chemen. Yo lage l' nan bwa.
The chiefs of Zoan have become foolish, the chiefs of Noph are tricked, the heads of her tribes are the cause of Egypt's wandering out of the way.
ἐξέλιπον οἱ ἄρχοντες τάνεως καὶ ὑψώθησαν οἱ ἄρχοντες μέμφεως καὶ πλανήσουσιν αἴγυπτον κατὰ φυλάς

- 14 Seyè a fè tout moun nan peyi a pèdi tèt yo nè! Sa ki rive? Peyi Lejip pèdi chemen l' nan tou sa l'ap fè, li tankou yon nonm sou k'ap glise tonbe nan sa l'ap vonmi an!
The Lord has sent among them a spirit of error: and by them Egypt is turned out of the right way in all her doings, as a man overcome by wine is uncertain in his steps.
κύριος γὰρ ἐκέρασεν αὐτοῖς πνεῦμα πλανήσεως καὶ ἐπλάνησαν αἴγυπτον ἐν πᾶσι τοῖς ἔργοις αὐτῶν ὡς πλανᾶται ὁ μεθύων καὶ ὁ ἐμῶν ἅμα
- 15 Nan peyi Lejip, pesonn, rich kou pòn, gwo kou piti, pa ka fè anyen pou peyi a ankò.
And in Egypt there will be no work for any man, head or tail, high or low, to do.
καὶ οὐκ ἔσται τοῖς αἰγυπτίοις ἔργον ὃ ποιήσει κεφαλὴν καὶ οὐράν ἀρχὴν καὶ τέλος
- 16 Jou sa a, gason peyi Lejip yo ap tankou fanm: yo pral tranble, kè yo pral kase lè y'a wè Seyè ki gen tout pouvwa a ap leve men l' pou pini yo.
In that day the Egyptians will be like women: and the land will be shaking with fear because of the waving of the Lord's hand stretched out over it.
τῇ δὲ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσονται οἱ αἰγύπτιοι ὡς γυναῖκες ἐν φόβῳ καὶ ἐν τρόμῳ ἀπὸ προσώπου τῆς χειρὸς κυρίου σαβαωθ ἣν αὐτὸς ἐπιβαλεῖ αὐτοῖς
- 17 Peyi Jida a ap fè kè moun peyi Lejip yo sote. Chak fwa y'a nonmen non peyi Jida nan zòrè yo, y'a pè, paske y'a chonje sa Seyè ki gen tout pouvwa a te gen lide fè yo pase.
And the land of Judah will become a cause of great fear to Egypt; whenever its name comes to mind, Egypt will be in fear before the Lord of armies because of his purpose against it.
καὶ ἔσται ἡ χώρα τῶν ἰουδαίων τοῖς αἰγυπτίοις εἰς φόβητρον πᾶς ὃς ἐὰν ὀνομάσῃ αὐτὴν αὐτοῖς φοβηθήσονται διὰ τὴν βουλὴν ἣν βεβούλευται κύριος ἐπ' αὐτήν
- 18 ¶ Lè sa a, y'a gen senk lavil nan peyi Lejip kote moun va pale ebre. Moun la va pran non Seyè ki gen tout pouvwa a pou fè sèman. Yonn nan lavil sa yo va rele Lavil Solèy.
In that day there will be five towns in the land of Egypt using the language of Canaan, and making oaths to the Lord of armies; and one of them will be named, The Town of the Sun.
τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσονται πέντε πόλεις ἐν αἰγύπτῳ λαλοῦσαι τῇ γλώσσῃ τῇ χανανίτιδι καὶ ὀμνύουσαι τῷ ὀνόματι κυρίου πόλις-ασεδεκ κληθήσεται ἡ μία πόλις
- 19 Lè sa a va gen yon lotèl pou Seyè ki gen tout pouvwa a nan peyi Lejip. Sou fwontyè peyi a, y'ap kanpe yon gwo wòch y'ap mete apa pou Seyè a.
In that day there will be an altar to the Lord in the middle of the land of Egypt, and a pillar to the Lord at the edge of the land.
τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσται θυσιαστήριον τῷ κυρίῳ ἐν χώρᾳ αἰγυπτίων καὶ στήλη πρὸς τὸ ὄριον αὐτῆς τῷ κυρίῳ
- 20 Sa va sèvi yon mak pou fè konnen Seyè ki gen tout pouvwa a kanpe la nan peyi Lejip la. Lè moun va konprann pou fè yo pase tray, y'a lapriyè Seyè a mande l' sekou. Seyè a va voye yon moun pou vin delivre yo. L'a pran defans yo, l'a sove yo.
And it will be a sign and a witness to the Lord of armies in the land of Egypt: when they are crying out to the Lord because of their cruel masters, then he will send them a saviour and a strong one to make them free.
καὶ ἔσται εἰς σημεῖον εἰς τὸν αἰῶνα κυρίῳ ἐν χώρᾳ αἰγύπτου ὅτι κεκράζονται πρὸς κύριον διὰ τοὺς θλίβοντας αὐτούς καὶ ἀποστελεῖ αὐτοῖς κύριος ἄνθρωπον ὃς σώσει αὐτούς κρίνων σώσει αὐτούς
- 21 Jou sa a, Seyè a va fè moun Lejip yo konnen ki moun li ye. Yo menm y'a rekonèt sa, y'a ofri bèt pou touye pou li, y'a ofri rekòt nan jaden yo ba li. Y'a fè Seyè a gwo pwomès. Lèfini, y'a kenbe pwomès yo.
And the Lord will give the knowledge of himself to Egypt, and the Egyptians will give honour to the Lord in that day; they will give him worship with offerings and meal offerings, and will take an oath to the Lord and give effect to it.
καὶ γνωστὸς ἔσται κύριος τοῖς αἰγυπτίοις καὶ γνώσονται οἱ αἰγύπτιοι τὸν κύριον ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καὶ ποιήσουσιν θυσίας καὶ εὐξονται εὐχὰς τῷ κυρίῳ καὶ ἀποδώσουσιν
- 22 Seyè a gen pou l' pini moun Lejip yo. Men, l'a geri yo. Y'a tounen vin jwenn li. Seyè a va koute lè y'ap lapriyè nan pye l', l'a geri yo.
And the Lord will send punishment on Egypt, and will make them well again; and when they come back to the Lord he will give ear to their prayer and take away their disease.
καὶ πατάξει κύριος τοὺς αἰγυπτίους πληγῇ μεγάλῃ καὶ ἰάσεται αὐτούς ἰάσει καὶ ἐπιστραφήσονται πρὸς κύριον καὶ εἰσακουσεται αὐτῶν καὶ ἰάσεται αὐτούς
- 23 Jou sa a, ap gen yon gwo wout k'ap soti peyi Lejip rive jouk nan peyi Lasiri. Moun peyi Lasiri va vwayaje al nan peyi Lejip, moun peyi Lejip va vwayaje al nan peyi Lasiri. Tou de peyi yo pral sèvi Seyè a.
In that day there will be a highway out of Egypt to Assyria, and Assyria will come into Egypt, and Egypt will come into Assyria; and the Egyptians will give worship to the Lord together with the Assyrians.
τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσται ὁδὸς αἰγύπτου πρὸς ἄσσυρίους καὶ εἰσελεύσονται ἄσσυριοὶ εἰς αἴγυπτον καὶ αἰγύπτιοι πορεύσονται πρὸς ἄσσυρίους καὶ δουλεύουσιν οἱ αἰγύπτιοι τοῖς ἄσσυρίοις
- 24 Lè sa a, peyi Izrayèl la va sou menm pye ak peyi Lejip ansanm ak peyi Lasiri: twa nasyon sa yo va yon benediksyon pou tout moun sou latè.
In that day Israel will be the third together with Egypt and Assyria, a blessing in the earth:
τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσται ἰσραηλ τρίτος ἐν τοῖς ἄσσυρίοις καὶ ἐν τοῖς αἰγυπτίοις εὐλογημένος ἐν τῇ γῆ
- 25 Seyè a va beni yo, l'a di konsa: -benediksyon pou Lejip, pèp mwen an, pou Lasiri mwen te fè ak men mwen an, ak pou Izrayèl ki rele m' pa m' lan.
Because of the blessing of the Lord of armies which he has given them, saying, A blessing on Egypt my people, and on Assyria the work of my hands, and on Israel my heritage.
ἣν εὐλόγησεν κύριος σαβαωθ λέγων εὐλογημένος ὁ λαὸς μου ὃ ἐν αἰγύπτῳ καὶ ὃ ἐν ἄσσυρίοις καὶ ἡ κληρονομία μου ἰσραηλ

- 1 ¶ Sa te pase nan lanne Sagon, wa peyi Lasiri, te bay kòmandan chèf lame li a lòd pou l' te al atake lavil Asdòd nan peyi moun Filisti yo. Epi li pran l'.
In the year when the Tartan came to Ashdod, sent by Sargon, king of Assyria, and made war against it and took it;
τοῦ ἔτους οὗ εἰσηλθεν ταναθαν εἰς ἄζωτον ἠνίκα ἀπεστάλη ὑπὸ αρνα βασιλέως ἄσσυρίων καὶ ἐπολέμησεν τὴν ἄζωτον καὶ κατελάβετο αὐτήν
- 2 Men anvan sa, Seyè a te pale ak Ezayi, pitit Amòz la. Li te di l': Wete rad sak kòlèt ki sou ou a ak sapat ki nan pye ou la. Se sa menm Ezayi te fè. Se konsa li t'ap mache toutouni pye atè nan lari.
At that time the word of the Lord came to Isaiah, the son of Amoz, saying, Go, and take off your robe, and your shoes from your feet; and he did so, walking unclothed and without shoes on his feet.
τότε ἐλάλησεν κύριος πρὸς Ἡσαϊαν λέγων πορεύου καὶ ἄφελε τὸν σάκκον ἀπὸ τῆς ὀσφύος σου καὶ τὰ σανδάλιά σου ὑπόλυσαι ἀπὸ τῶν ποδῶν σου καὶ ἐποίησεν οὕτως πορευόμενος γυμνὸς καὶ ἀνυπόδετος
- 3 Lanne yo te pran lavil Asdòd la, Seyè a di konsa: -Ezayi, sèvitè m' lan, te rete toutouni pye atè pandan twazan. Sa se yon siy ak yon avètisman pou sa ki pral rive peyi Lejip ak peyi Letiopi.
And the Lord said, As my servant Isaiah has gone unclothed and without shoes for three years as a sign and a wonder to Egypt and Ethiopia,
καὶ εἶπεν κύριος ὃν τρόπον πεπόρευται Ἡσαϊας ὁ παῖς μου γυμνὸς καὶ ἀνυπόδετος τρία ἔτη ἔσται σημεῖα καὶ τέρατα τοῖς αἰγυπτίοις καὶ αἰθίοιων
- 4 Wa peyi Lasiri a pral depòte tout prizonnye li pral fè nan peyi Lejip ak nan peyi Letiopi. Granmoun kou timoun pral mache toutouni, pye atè ak tout dèyè yo deyò. Sa pral yon wont pou peyi Lejip.
So will the king of Assyria take away the prisoners of Egypt and those forced out of Ethiopia, young and old, unclothed and without shoes, and with backs uncovered, to the shame of Egypt.
ὅτι οὕτως ἄξει βασιλεὺς ἄσσυρίων τὴν αἰχμαλωσίαν αἰγύπτου καὶ αἰθιόπων νεανίσκους καὶ πρεσβύτας γυμνοὺς καὶ ἀνυπόδετους ἀνακεκαλυμμένους τὴν αἰσχρὴν αἰγύπτου
- 5 Moun ki te konte sou peyi Letiopi ak moun ki t'ap fè lwanj peyi Lejip yo pral wont, yo pral dekouraje.
And they will be full of fear, and will no longer have faith in Ethiopia which was their hope, or in Egypt which was their glory.
καὶ αἰσχυνθήσονται ἡττηθέντες οἱ αἰγύπτιοι ἐπὶ τοῖς αἰθίοιων ἐφ' οἷς ἦσαν πεποιθότες οἱ αἰγύπτιοι ἦσαν γὰρ αὐτοῖς δόξα
- 6 Lè jou sa a va rive, moun ki rete sou rivaj peyi Filisti a va di: Gade sa ki rive moun sa yo! Epi se sou yo nou te konte, se lakay yo nou te fè lide al chache pwoteksyon pou yo te ka sove nou anba men wa peyi Lasiri a! Koulye a, kote n'ap bay tèt pou n' chape kò nou?
And those living by the sea will say in that day, See the fate of our hope to whom we went for help and salvation from the king of Assyria: what hope have we then of salvation?
καὶ ἐροῦσιν οἱ κατοικοῦντες ἐν τῇ νήσῳ ταύτῃ ἰδοὺ ἡμεῖς ἦμεν πεποιθότες τοῦ φυγεῖν εἰς αὐτοὺς εἰς βοήθειαν οἱ οὐκ ἐδύναντο σωθῆναι ἀπὸ βασιλέως ἄσσυρίων καὶ πῶς ἡμεῖς σωθησόμεθα
- 1 ¶ Men mesaj Bondye bay sou plenn bò lanmè a, nan peyi Babilòn: -Tankou yon van siklòn k'ap bale dezè Negèv la, yon gwo malè pral soti nan peyi san manman yo.
The word about the waste land. As storm-winds in the South go rushing through, it comes from the waste land, from the land greatly to be feared.
τὸ ὄραμα τῆς ἐρήμου ὡς καταγίς δι' ἐρήμου διέλθοι ἐξ ἐρήμου ἐρχομένη ἐκ γῆς φοβερὸν
- 2 Mwen fè yon vizyon, mwen wè bagay ki pou bay gwo lapenn lan. Mwen wè moun k'ap trayi, moun k'ap kraze brize! Nou menm lame peyi Elam lan, moute al atake! Nou menm sòlda peyi Medi yo, al sènen lavil li yo! Bondye pral fè moun k'ap soufri anba peyi Babilòn lan sispann plenn.
A vision of fear comes before my eyes; the worker of deceit goes on in his false way, and the waster goes on making waste. Up! Elam; to the attack! Media; I have put an end to her sorrow.
τὸ ὄραμα καὶ σκληρὸν ἀνηγγέλι μοι ὁ ἀθετῶν ἀθετεῖ ὁ ἀνομῶν ἀνομεῖ ἐπ' ἐμοὶ οἱ αἰλαμίται καὶ οἱ πρέσβεις τῶν περσῶν ἐπ' ἐμὲ ἐρχονται νῦν στενάξω καὶ παρακαλέσω ἐμαυτὸν
- 3 Se poutèt sa, tout zantray mwen ap bouyi! Mwen gen yon sèl doulè anba vant tankou yon fanm ki prèt pou akouche. M'ap tòde. Mwen rete vant ba: mwen pa wè anyen, mwen pa tande anyen.
For this cause I am full of bitter grief; pains like the pains of a woman in childbirth have come on me: I am bent down with sorrow at what comes to my ears; I am shocked by what I see.
διὰ τοῦτο ἐνεπλήσθη ἡ ὀσφύς μου ἐκλύσεως καὶ ὠδίνες ἐλάβόν με ὡς τὴν τίκτουσαν ἠδίκησα τὸ μὴ ἀκοῦσαι ἐσπούδασα τὸ μὴ βλέπειν
- 4 Tèt mwen ap vire. M'ap tranble tèlman mwen pè. Mwen t'ap tann solèy la kouche. Men, lè aswè rive, se te pi mal.
My mind is wandering, fear has overcome me: the evening of my desire has been turned into shaking for me.
ἡ καρδία μου πλανᾶται καὶ ἡ ἀνομία με βαπτίζει ἡ ψυχὴ μου ἐφέστηκεν εἰς φόβον
- 5 Nan vizyon an, mwen wè yon tab byen ranje, yo louvri tapi atè pou envite yo chita. Y'ap manje, y'ap bwè. Yon moman, yo bay yon lòd: Kanpe, chèf lame yo! Pare zam nou pou defann nou!
They make ready the table, they put down the covers, they take food and drink. Up! you captains; put oil on your breastplates.
ἐτοίμασον τὴν τράπεζαν πίετε φάγετε ἀναστάντες οἱ ἄρχοντες ἐτοιμάσατε θυρεοὺς
- 6 Apre sa, Seyè a di m' konsa: -Ale non! Mete yon gad veye! W'a di l' pou l' fè ou konnen tou sa la wè.
For so has the Lord said to me, Go, let a watchman be placed; let him give word of what he sees:
ὅτι οὕτως εἶπεν κύριος πρὸς με βαδίσας σεαυτῷ στήσον σκοπὸν καὶ ὃ ἂν ἴδῃς ἀνάγγειλον
- 7 Si l' wè kavalye k'ap vini sou chwal yo, de pa de ak yon pati moun sou bourik, yon lòt pati sou chamo, se pou l' louvri je l' gade byen.
And when he sees war-carriages, horsemen by twos, war-carriages with asses, war-carriages with camels, let him give special attention.
καὶ εἶδον ἀναβάτας ἰππεῖς δύο ἀναβάτην ὄνου καὶ ἀναβάτην καμήλου ἀκρόασαι ἀκρόασιν πολλήν

- 8 Gad la rele byen fò: -Mèt, m'ap rete kanpe la nan pòs mwen tout lajounen. Mwen p'ap deplase kote m' ye a. M'ap veye tout lannwit.
And the watchman gave a loud cry, O my lord, I am on the watchtower all day, and am placed in my watch every night:
 και κάλεσον ουριαν εις την σκοπιαν κυρίου και ειπεν εστην δια παντός ημέρας και επι της παρεμβολής εστην όλην την νύκτα
- 9 Lè sa a, yon lame kavalye parèt. Y'ap mache vini de pa de. Gad la bay nouvèl la. Li di: Lavil Babilòn tonbe! Wi, li tonbe! Tout estati zidòl yo tonbe plat atè, yo kraze!
See, here come war-carriages with men, horsemen by twos: and in answer he said, Babylon is made low, is made low, and all her images are broken on the earth.
 και ιδού αυτός έρχεται άναβάτης συνωρίδος και άποκριθεις ειπεν πέπτωκεν βαβυλών και πάντα τα άγάλματα αυτής και τα χειροποίητα αυτής συνετριβησαν εις την γην
- 10 Nou menm, pèp mwen an, mwen te fwote nou anba pye m' tankou moun fwote diri sou glasi. Men, koulye a m'ap fè nou konnen bon nouvèl mwen te tande a. Se Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, ki te fè m' konn sa.
O my crushed ones, the grain of my floor! I have given you the word which came to me from the Lord of armies, the God of Israel.
 άκούσατε οι καταλειμμένοι και οι όδυνόμενοι άκούσατε ά ηκουσα παρά κυρίου σαβαωθ ό θεός του ισραηλ. άνήγγειλεν ήμίν
- 11 ¶ Men mesaj Bondye bay pou moun peyi Edon yo: -Yon moun rete peyi Seyi, l'ap rele m'. Li di m': Ey, gad! Kilè li ye? Konbe tan ankò pou nwit lan bout? Konbe tan ankò anvan solèy leve?
The word about Edom. A voice comes to me from Seir, Watchman, how far gone is the night? how far gone is the night?
 τó δραμα της ιδουμαίας προς έμέ καλει παρά του σιηρ φυλάσατε επάλξεις
- 12 Mwen reponn: -Bajou prèt pou kase. Men apre sa, se va lannwit ankò. Si nou vle mande sa ankò, tounen vin mande.
The watchman says, The morning has come, but night is still to come: if you have questions to put, put them, and come back again.
 φυλάσσω τó πρωι και την νύκτα εάν ζητής ζητει και παρ' έμοι οικει
- 13 ¶ Men mesaj Bondye bay pou moun peyi Arabi yo: -Nou menm moun peyi Dedan, se nan mitan raje ki nan savann Arabi a nou pral moute kan nou pase nwit!
The word about Arabia. In the thick woods of Arabia will be your night's resting-place, O travelling bands of Dedanites!
 εν τφ δρυμφ έσπέρας κοιμηθήση εν τη όδφ δαιδαν
- 14 Al kontre moun ki swaf dlo yo pou ba yo bwè. Moun peyi Tema yo al kontre moun k'ap kouri sove yo, yo pote manje ba yo.
Give water to him who is in need of water; give bread, O men of the land of Tema, to those in flight.
 εις συνάντησιν διψώντι ύδωρ φέρετε οι ένοικοῦντες εν χώρα θαιμαν άρτοις συναντάτε τοις φεύγουσιν
- 15 Moun yo pran kouri pou yo chape anba nepe sòlda ki te soti pou touye yo, anba flèch ki te tou pare pou pèse yo, anba gwo danje ki te gen nan batay la.
For they are in flight from the sharp sword, and the bent bow, and from the trouble of war.
 δια τó πλήθος τών φευγόντων και δια τó πλήθος τών πλανωμένων και δια τó πλήθος της μαχαίρας και δια τó πλήθος τών τοξευμάτων τών διατεταμένων και δια τó πλήθος τών πεπτωκότων εν τφ πο λέμφ
- 16 Lè sa a, Seyè a di m' konsa: -Nan yon lanne, jou pou jou, tankou moun k'ap travay pou lajan kalkile lè travay yo, p'ap rete anyen nan tout bèl pouvwa peyi Keda a!
For so has the Lord said to me, In a year, by the years of a servant working for payment, all the glory of Kedar will come to an end:
 ότι ούτως ειπέν μοι κύριος έτι ένιαυτός ως ένιαυτός μισθοτου εκλείψει ή δόξα τών υιών κηδαρ
- 17 Ou tande jan nan peyi sa a gen anpil vanyan sòlda ki konn tire banza byen? Enben! Se de twa ase ki va rete. Se mwen menm, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki di sa.
And the rest of the bowmen, the men of war of the children of Kedar, will be small in number: for the Lord, the God of Israel, has said it.
 και τó κατάλοιπον τών τοξευμάτων τών ισχυρών υιών κηδαρ εσται όλιγον διότι κύριος έλάλησεν ό θεός ισραηλ.
- 1 ¶ Men yon mesaj pou Fon Vizyon an: -Sa k'ap pase konsa? Poukisa tout moun nan lavil la ap moute sou teras anwo kay yo pou fè fèt konsa?
The word about the valley of vision. Why have all your people gone up to the house-tops?
 τó ρήμα της φάραγγος σιων τί έγένετό σοι νυν ότι άνέβητε πάντες εις δώματα
- 2 Tout lavil la tèt anba. Toupatou se bri, se banbòch. Moun ki mouri nan mitan nou yo, se pa nan goumen ni nan lagè yo mouri.
You, who are full of loud voices, a town of outcries, given up to joy; your dead men have not been put to the sword, or come to their death in war.
 μάταια ένεπλήσθη ή πόλις βοώντων οι τραυματια σου ου τραυματια μαχαίρας ουδέ οι νεκροί σου νεκροί πολέμου
- 3 Tout chèf lame nou yo vole gadjè. Anvan menm yo te voye yon flèch, yo te gen tan fè yo tout prizonye. Tout moun ki t'ap kouri met deyò yo, yo fè yo tout prizonye tou.
All your rulers ... have gone in flight; all your strong ones have gone far away.
 πάντες οι άρχοντές σου πεφεύγασιν και οι άλλόντες σκληρώς δεδεμένοι εισίν και οι ισχύοντες εν σοι πόρρω πεφεύγασιν

- 4 Se poutèt sa mwen di: Kite m' pou kont mwen pou m' ka kriye kont kriye mwen! Pa chache konsòl m' pou gwo malè sèk sa a ki tonbe sou pèp mwen an!
For this cause I have said, Let your eyes be turned away from me in my bitter weeping; I will not be comforted for the wasting of the daughter of my people.
διὰ τοῦτο εἶπα ἄφετέ με πικρῶς κλαύσομαι μὴ κατισχύσητε παρακαλεῖν με ἐπὶ τὸ σύντριμμα τῆς θυγατρὸς τοῦ γένους μου
- 5 Jounen jòdi a, se you jou debandad, se jou yo pèdi batay la, se jou pesonn pa konn sa pou yo fè. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki fè sa rive nou. Nan Fon Vizyon an, y'ap kraze miray lavil yo met atè. Nan tout mòn yo, y'ap rele mande sekou.
For it is a day of trouble and of crushing down and of destruction from the Lord, the Lord of armies, in the valley of vision; ...
ὅτι ἡμέρα ταραχῆς καὶ ἀπολείας καὶ καταπατήματος καὶ πλάνησις παρὰ κυρίου σαβαωθ ἐν φάραγγι σίων πλανῶνται ἀπὸ μικροῦ ἕως μεγάλου πλανῶνται ἐπὶ τὰ ὄρη
- 6 Sòlda peyi Elam yo moute sou cha yo ak sou chwal yo. Banza yo ak flèch yo tou pare, y'ap vini. Lame peyi Ki a pran zam pou pare kou yo.
And Elam was armed with arrows, and Aram came on horseback; and the breastplate of Kir was uncovered.
οἱ δὲ αἰλαμίται ἔλαβον φαρέτρας ἀναβάται ἄνθρωποι ἐφ' ἵπποις καὶ συναγωγή παρατάξεως
- 7 Cha lagè anvayi tout plenn kote nou gen pi bon venn tè jaden. Sòlda yo kanpe sou chwal yo devan pòtay lavil Jerizalèm.
And your most fertile valleys were full of war-carriages, and the horsemen took up their positions in front of the town.
καὶ ἔσονται αἱ ἐκλεκταὶ φάραγγές σου πλησθήσονται ἀρμάτων οἱ δὲ ἵπποις ἐμφράζουσι τὰς πόλεις σου
- 8 ¶ Pa gen anyen ankò pou defann moun peyi Jida yo. Lè sa a, nou kouri al chache zam nan depo zam palè wa a.
He took away the cover of Judah; and in that day you were looking with care at the store of arms in the house of the woods.
καὶ ἀνακαλύψουσιν τὰς πόλεις ἰουδα καὶ ἐμβλέψονται τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ εἰς τοὺς ἐκλεκτοὺς οἴκους τῆς πόλεως
- 9 Nou te wè te gen anpil kote ki fann nan miray lavil David la. Nou ranmase dlo k'ap soti nan rezènwà anba a.
And you saw all the broken places in the wall of the town of David: and you got together the waters of the lower pool.
καὶ ἀνακαλύψουσιν τὰ κρηπῆτὰ τῶν οἰκῶν τῆς ἁκρας δαυὶδ καὶ εἶδον ὅτι πλείους εἰσὶν καὶ ὅτι ἀπέστρεψαν τὸ ὕδωρ τῆς ἀρχαίας κολυμβήθρας εἰς τὴν πόλιν
- 10 Nou mache konte tout kay ki nan lavil Jerizalèm. Nou kraze de twa ladan yo pou nou fè miray lavil la pi solid.
And you had the houses of Jerusalem numbered, pulling down the houses to make the wall stronger.
καὶ ὅτι καθείλωσαν τοὺς οἴκους ἱερουσαλημ εἰς ὄχρῶμα τοῦ τείχους τῆ πόλει
- 11 Nou bati you rezènwà nan mitan de miray pou ranmase dlo k'ap soti nan Vye Basen. Men, nou pa janm dòmi reve Bondye, li menm ki te fè lide sa a depi lontan, li menm ki lakòz tout bagay sa yo rive konsa.
And you made a place between the two walls for storing the waters of the old pool: but you gave no thought to him who had done this, and were not looking to him by whom it had been purposed long before.
καὶ ἐποιήσατε ἑαυτοῖς ὕδωρ ἀνὰ μέσον τῶν δύο τειχέων ἐσώτερον τῆς κολυμβήθρας τῆς ἀρχαίας καὶ οὐκ ἐνεβλέψατε εἰς τὸν ἀπ' ἀρχῆς ποιήσαντα αὐτὴν καὶ τὸν κτίσαντα αὐτὴν οὐκ εἶδετε
- 12 Jou sa a, Seyè ki gen tout pouvwa a te rele nou, li te mande nou pou nou kriye, pou nou plenn, pou nou koupe tout cheve nan tèt nou, pou nou mete rad sak sou nou.
And in that day the Lord, the Lord of armies, was looking for weeping, and cries of sorrow, cutting off of the hair, and putting on the clothing of grief:
καὶ ἐκάλεσεν κύριος σαβαωθ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ κλαυθμὸν καὶ κοπετὸν καὶ ξύρησιν καὶ ζῶσιν σάκκων
- 13 Men, gade! Nou pito rete ap ri, n'ap fè fèt, n'ap touye bèf, n'ap touye kabrit ak mouton pou n' manje, n'ap bwè diven. N'ap plede di: Annou manje, annou bwè, paske denmen nou pral mouri.
But in place of these there was joy and delight, oxen and sheep were being made ready for food, there was feasting and drinking: men said, Now is the time for food and wine, for tomorrow death comes.
αὐτοὶ δὲ ἐποιήσαντο εὐφροσύνην καὶ ἀγαλλίαμα σφάζοντες μόσχους καὶ θύοντες πρόβατα ὥστε φαγεῖν κρέα καὶ πιεῖν οἶνον λέγοντες φάγομεν καὶ πίωμεν αὐριον γὰρ ἀποθήσκομεν
- 14 Seyè ki gen tout pouvwa a pale nan zòrèy mwen, li di m': Yo p'ap janm padonnen moun sa yo fèt yo fè la a jouk jou yo mouri. Se mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, ki di sa.
And the Lord of armies said to me secretly, Truly, this sin will not be taken from you till your death, says the Lord, the Lord of armies.
καὶ ἀνακακαλυμμένα ταῦτά ἐστιν ἐν τοῖς ὠσίν κυρίου σαβαωθ ὅτι οὐκ ἀφεθήσεται ὑμῖν αὕτη ἡ ἁμαρτία ἕως ἂν ἀποθάνητε
- 15 ¶ Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di m' ankò: -Ale kay Chebna, chèf ki reskonsab kay wa a. Msye te fè fouye youn kavò sou ti mòn lan pou lè li mouri. W'a di l' pou mwen:
The Lord, the Lord of armies, says, Go to this person in authority, this Shebna, who is over the house; who has made himself a resting-place on high, cutting out a place for himself in the rock, and say,
τάδε λέγει κύριος σαβαωθ πορεύου εἰς τὸ παστοφόριον πρὸς σομναν τὸν ταμίαν καὶ εἰπὸν αὐτῷ
- 16 Kisa ou genyen ki pou ou isit la? Ki fanmi ou gen isit la pou ou fè fouye youn kavò pou ou nan flan ti mòn lan?
Who are you, and by what right have you made for yourself a resting-place here?
τί σὺ ὧδε καὶ τί σοὶ ἐστὶν ὧδε ὅτι ἐλατόμησας σεαυτῷ ὧδε μνημεῖον καὶ ἐποίησας σεαυτῷ ἐν ὑψηλῷ μνημεῖον καὶ ἔγραψας σεαυτῷ ἐν πέτρᾳ σκινηήν

- 17 Ou mèt grannèg kont kò ou, Seyè a pral pase men l' pran ou, l'ap voye ou jete byen lwen.
See, O strong man, the Lord will send you violently away, gripping you with force,
ἰδοὺ δὴ κύριος σαβαωθ ἐκβαλεῖ καὶ ἐκτρίψει ἄνδρα καὶ ἀφελεῖ τὴν στολὴν σου
- 18 L'ap plòtonnen ou, l'ap fè ou tounen yon boul, l'ap voye ou al teri nan yon pi gwo peyi. Se la l'ap voye ou al mouri nan mitan tout cha ki t'ap fè ou fè tout granpanpan sa a. Ou se yon wont pou kay mèt ou a.
Twisting you round and round like a ball he will send you out into a wide country: there you will come to your end, and there will be the carriages of your pride, O shame of your lord's house!
καὶ τὸν στέφανόν σου τὸν ἔνδοξον καὶ ρίψει σε εἰς χώραν μεγάλην καὶ ἀμέτρητον καὶ ἐκεῖ ἀποθανῆ καὶ θήσει τὸ ἄρμα σου τὸ καλὸν εἰς ἀτιμίαν καὶ τὸν οἶκον τοῦ ἄρχοντός σου εἰς καταπάτημα
- 19 M'ap kase ou nan plas kote ou ye a, m'ap fè ou desann soti kote ou chita a.
And I will have you forced out of your place of authority, and pulled down from your position.
καὶ ἀφαιρεθήσῃ ἐκ τῆς οἰκονομίας σου καὶ ἐκ τῆς στάσεώς σου
- 20 Lè sa a, m'a voye chache sèvitè m' lan, Elyakim, pitit gason Ilkija a.
And in that day I will send for my servant, Eliakim, the son of Hilkiah:
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καλέσω τὸν παῖδά μου ελιακίμ τὸν τοῦ γελκιου
- 21 M'a pran palto ki sou do ou la, m'a ba li l'. M'a pran senti ki pase nan ren ou lan, m'a mare ren pa l' avè l'. Pouvwa ou te genyen an, m'ap ba li l': l'ap tankou yon papa pou tout moun nan lavil Jerizalèm ak nan peyi Jida.
And I will put your robe on him, and put your band about him, and I will give your authority into his hand: and he will be a father to the men of Jerusalem, and to the family of Judah.
καὶ ἐνδύσω αὐτὸν τὴν στολὴν σου καὶ τὸν στέφανόν σου δώσω αὐτῷ καὶ τὸ κράτος καὶ τὴν οἰκονομίαν σου δώσω εἰς τὰς χεῖρας αὐτοῦ καὶ ἔσται ὡς πατὴρ τοῖς ἐνοικοῦσιν ἐν ἱερουσαλημ καὶ τοῖς ἐνοικοῦσιν ἐν ἰουδα
- 22 Apre wa a, pitit pitit ki soti nan fanmi David la, se li menm k'ap sèl chèf. M'ap ba li kle pou l' reskonsab kay David la: Lè li louvri, pesonn p'ap ka fèmen. Lè li fèmen, pesonn p'ap ka louvri.
And I will give the key of the family of David into his care; and what he keeps open will be shut by no one, and what he keeps shut no one will make open.
καὶ δώσω τὴν δόξαν δαυὶδ αὐτῷ καὶ ἄρξει καὶ οὐκ ἔσται ὁ ἀντιλέγων
- 23 M'ap mete l' chita, l'ap tankou yon zegwi bwa yo fè antre byen fon nan yon poto. Li pral sèvi yon lwanj pou fanmi papa l'.
And I will put him like a nail in a safe place; and he will be for a seat of glory to his father's family.
καὶ στήσω αὐτὸν ἄρχοντα ἐν τόπῳ πιστῷ καὶ ἔσται εἰς θρόνον δόξης τοῦ οἴκου τοῦ πατρὸς αὐτοῦ
- 24 Men, tout fanmi l', tout ti fanmi l' yo pral tounen yon chay twò lou pou li. Yo pral pandye nan kou l' tankou gode ak bòl ki pandye nan yon zegwi bwa.
And all the glory of his father's family will be hanging on him, all their offspring, every small vessel, even the cups and the basins.
καὶ ἔσται πεποιθὼς ἐπ' αὐτὸν πᾶς ἔνδοξος ἐν τῷ οἴκῳ τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἀπὸ μικροῦ ἕως μεγάλου καὶ ἔσονται ἐπικρεμάμενοι αὐτῷ
- 25 Lè sa a, men sa Seyè a, Bondye ki gen tout pouvwa a di: Zegwi yo te fè antre byen fon nan poto a pral rache. L'ap soti, l'ap tonbe atè, epi tout chay ki sou li a pral tonbe tou. Se Seyè a ki di sa.
In that day, says the Lord of armies, will the nail fixed in a safe place give way; and it will be cut down, and in its fall the weight hanging on it will be cut off, for the Lord has said it.
ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ τάδε λέγει κύριος σαβαωθ κινηθήσεται ὁ ἄνθρωπος ὁ ἐστηριγμένος ἐν τόπῳ πιστῷ καὶ πεσεῖται καὶ ἀφαιρεθήσεται ἡ δόξα ἣ ἐπ' αὐτόν ὅτι κύριος ἐλάλησεν
- 1 ¶ Men yon mesaj pou lavil Tir: -Nou menm maren ki sou batiman Tasis yo, nou mèt plenn sò nou! Lavil Tasis fini. Pa gen kay ankò, pa gen pò! Yo t'ap tounen soti peyi Kitim lè yo pran nouvèl la.
The word about Tyre. Let a cry of sorrow go up, O ships of Tarshish, because your strong place is made waste; on the way back from the land of Kittim the news is given to them.
τὸ ὄραμα τύρου ὀλολύζετε πλοῖα καρχηδόνας ὅτι ἀπόλετο καὶ οὐκέτι ἔρχονται ἐκ γῆς κιτιαίων ἦκται αἰχμάλωτος
- 2 Nou menm kòmèsan Sidon yo, moun lakòt, nou pral rete men nan bouch. Nou te voye moun lòt bò lanmè
Send out a cry of grief, you men of the sea-land, traders of Zidon, who go over the sea, whose representatives are on great waters;
τῖνι ὅμοιοι γεγονάσιν οἱ ἐνοικοῦντες ἐν τῇ νήσῳ μεταβόλοι φοινίκης διαπερῶντες τὴν θάλασσαν
- 3 achte ble yo rekòlte bò larivyè Nil nan peyi Lejip la, apre sa pou nou mache vann li avèk gwo benefis. Nou t'ap fè kòmès ak tout peyi.
Who get in the seed of Shihor, whose wealth is the trade of the nations.
ἐν ὕδατι πολλῷ σπέρμα μεταβόλων ὡς ἀμητοῦ εἰσφερομένου οἱ μεταβόλοι τῶν ἐθνῶν
- 4 Lavil Sidon, ou menm ki te yon si bon pò, yo pral fè ou wont! Lanmè a pale, li di konsa: Mwen pa janm gen pitit, mwen pa janm fè pitit. Mwen pa janm gen pitit gason pou m' elve, ni pitit fi pou m' bay levasyon.
Be shamed, O Zidon: for the sea, the strong place of the sea has said, I have not been with child, or given birth; I have not taken care of young men, or kept watch over the growth of virgins.
αἰσχύνθητι σιδῶν εἶπεν ἡ θάλασσα ἣ δὲ ἰσχύς τῆς θαλάσσης εἶπεν οὐκ ὤδινον οὐδὲ ἔτεκον οὐδὲ ἐξέθρεψα νεανίσκους οὐδὲ ὕψωσα παρθένους

- 5 Lè moun Lejip yo va pran nouvèl sa ki te rive lavil Tir, yo pral tranble nan kanson yo!
When the news comes to Egypt they will be bitterly pained at the fate of Tyre.
 όταν δὲ ἀκουστὸν γένηται αἰγύπτῳ λήμψεται αὐτοὺς ὁδὸν περὶ τύρου
- 6 Nou menm moun peyi Finisi, moun lakòt, travèse lòt bò lanmè. Al nan peyi Tasis. Nou mèt plenn sò nou!
Go over to Tarshish; give cries of sorrow, O men of the sea-land.
 ἀπέλαθε εἰς καρχηδόνα ὀλολύξατε οἱ ἐνοικοῦντες ἐν τῇ νήσῳ ταύτῃ
- 7 Lavil sa a, se pa lavil kote moun te toujou ap fè fèt la? Se pa yon lavil ki la depi nan tan lontan? Se pa lavil ki te konn voye yon koloni moun pa l' yo al tabli nan peyi lòt bò lanmè pou chita pouvwa li plis?
Is this the town which was full of joy, whose start goes back to times long past, whose wanderings took her into far-off countries?
 οὐχ αὕτη ἦν ὕμῶν ἢ ὕβρις ἢ ἀπ' ἀρχῆς πρὶν ἢ παραδοθῆναι αὐτήν
- 8 Se lavil Tir wa a te chita ap nonmen chèf. Tout kòmèsan li yo, se gwo chèf yo te ye. Negosyan l' yo menm, se moun yo te respekte toupatou sou latè. Kilès ki te pran desizyon fè lavil Tir la sa?
By whom was this purposed against Tyre, the crowning town, whose traders are chiefs, whose business men are honoured in the land?
 τίς ταῦτα ἐβούλευσεν ἐπὶ τύρον μὴ ἦσσαν ἔστιν ἢ οὐκ ἰσχύει οἱ ἔμποροι αὐτῆς ἐνδοξοὶ ἄρχοντες τῆς γῆς
- 9 Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki te pran desizyon sa a. Li fè sa pou kraze lògèy yo te genyen pou tout bèl bagay yo te fè, pou l' te ka trennen tout grannèg peyi a nan labou.
It was the purpose of the Lord of armies to put pride to shame, to make sport of the glory of those who are honoured in the earth.
 κύριος σαβαωθ ἐβουλεύσατο παραλῦσαι πᾶσαν τὴν ὕβριν τῶν ἐνδόξων καὶ ἀτιμάσαι πᾶν ἐνδοξὸν ἐπὶ τῆς γῆς
- 10 Nou menm moun li yo ki nan peyi Tasis, pito nou travay tè nou tankou moun bò larivyè Nil yo. Pa gen moun pou pwoteje nou ankò.
Let your land be worked with the plough, O daughter of Tarshish; there is no longer any harbour.
 ἐργάζου τὴν γῆν σου καὶ γὰρ πλοῖα οὐκέτι ἔρχεται ἐκ καρχηδόνας
- 11 Seyè a te lonje men l' anwo lanmè a. Li te jete wa ki t'ap gouvènen yo a. Li te bay lòd pou yo detwi tout pò moun Finisi yo te gen nan peyi Kanaran.
His hand is stretched out over the sea, the kingdoms are shaking: the Lord has given orders about Canaan, to make waste its strong places.
 ἢ δὲ χεὶρ σου οὐκέτι ἰσχύει κατὰ θάλασσαν ἢ παροξύνουσα βασιλεῖς κύριος σαβαωθ ἐνετείλατο περὶ χανααν ἀπολέσαι αὐτῆς τὴν ἰσχύν
- 12 Li di: -Nou menm, moun lavil Siyon, nou pa nan fè fèt ankò! Nou tankou yon jenn fi yo ta fè kadejak sou li. Nou mèt leve, travèse lòt bò lanmè. Al nan peyi Kitim. Menm la, yo p'ap kite nou an repo.
And he said, There is no more joy for you, O crushed virgin daughter of Zidon: up! go over to Kittim; even there you will have no rest.
 καὶ ἐροῦσιν οὐκέτι μὴ προσθῆτε τοῦ ὕβριζειν καὶ ἀδικεῖν τὴν θυγατέρα σιδῶνος καὶ ἐὰν ἀπέλθῃς εἰς κιτιεῖς οὐδὲ ἐκεῖ σοι ἀνάπαυσις ἔσται
- 13 Gade peyi Tir la! Se pa moun Lasiri yo ki te lage l' nan men bèt nan bwa yo. Se moun Babilòn yo ki te fè sa. Se yo ki te bati fò won byen wo pou sènen peyi a. Yo kraze tout fò lavil Tir yo. Yo fè yo tounen mazi.
 ...
 καὶ εἰς γῆν χαλδαίων καὶ αὕτη ἠρήμωται ἀπὸ τῶν ἀσσυρίων οὐδὲ ἐκεῖ σοι ἀνάπαυσις ἔσται ὅτι ὁ τοῖχος αὐτῆς πέπτωκεν
- 14 Nou menm maren ki sou batiman Tasis yo, nou mèt plenn sò nou, paske yo detwi gwo pò nou an!
Let a cry of sorrow go up, O ships of Tarshish: because your strong place is made waste.
 ὀλολύξατε πλοῖα καρχηδόνας ὅτι ἀπόλετο τὸ ὄχυρῶμα ὑμῶν
- 15 ¶ Yon lè ap rive, yo pral bliye lavil Tir pandan swasanndizan, laj yon wa rive genyen anvan li mouri. Men, apre swasanndizan sa yo, lavil Tir pral tankou jennès yo pale nan chante a:
And it will be in that day that Tyre will go out of mind for seventy years, that is, the days of one king: after the end of seventy years it will be for Tyre as in the song of the loose woman.
 καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ καταλειφθήσεται τύρος ἑτη ἑβδομήκοντα ὡς χρόνος βασιλείως ὡς χρόνος ἀνθρώπου καὶ ἔσται μετὰ ἑβδομήκοντα ἑτη ἔσται τύρος ὡς ἄσμα πόρνης
- 16 Pran gita ou! Mache nan tout lavil la! Ou menm, jennès yo te bliye a! Jwe bèl mizik, chante bèl chante ou yo ankò pou yo ka chonje ou!
Take an instrument of music, go about the town, O loose woman who has gone out from the memory of man; make sweet melody with songs, so that you may come back to men's minds.
 λαβὲ κιθάραν ῥέμβευσον πόλεις πόρνη ἐπιλελησμένη καλῶς κιθάρισον πολλὰ ἄσπον ἵνα σου μνεῖα γένηται
- 17 Wi, apre swasanndizan, Seyè a va kite lavil Tir reprann menm vye kòmès li a. Lavil Tir pral lage kò l' nan fè bagay derespektan ankò, li pral nan fè dezòd ak tout chèf k'ap gouvènen toupatou sou latè.
And it will be after the end of seventy years, that the Lord will have mercy on Tyre, and she will go back to her trade, acting as a loose woman with all the kingdoms of the world on the face of the earth.
 καὶ ἔσται μετὰ ἑβδομήκοντα ἑτη ἐπισκοπὴν ποιήσει ὁ θεὸς τύρου καὶ πάλιν ἀποκατασταθήσεται εἰς τὸ ἀρχαῖον καὶ ἔσται ἐμπόριον πάσαις ταῖς βασιλείαις τῆς οἰκουμένης

- 18 Men, y'ap pran lajan y'ap ba li a ansanm ak benefis l'ap fè nan kòmès sal li a, y'ap mete yo apa pou Seyè a. Li p'ap ka ranmase yo pou l' sere. Se moun k'ap sèvi Seyè a ki pral sèvi ak lajan sa a pou achte manje plen vant yo ak bèl rad pou mete sou yo.
And her goods and her trade will be holy to the Lord: they will not be kept back or stored up; for her produce will be for those living in the Lord's land, to give them food for their needs, and fair clothing.
 και ἔσται αὐτῆς ἡ ἐμπορία καὶ ὁ μισθὸς ἅγιον τῷ κυρίῳ οὐκ αὐτοῖς συναχθήσεται ἀλλὰ τοῖς κατοικοῦσιν ἐναντί κυρίου πᾶσα ἡ ἐμπορία αὐτῆς φαγεῖν καὶ πιεῖν καὶ ἐμπλησθῆναι εἰς συμβολὴν μνημόσου νον ἐναντί κυρίου
- 1 ¶ Seyè a pral souke tè a, li pral ravaje l'. Li pral boulvèse l'. Tout moun ki rete sou tè a pral kouri gaye toupatou.
See, the Lord is making the earth waste and unpeopled, he is turning it upside down, and sending the people in all directions.
 ἰδοὺ κύριος καταφθεῖρει τὴν οἰκουμένην καὶ ἐρημώσει αὐτὴν καὶ ἀνακαλύψει τὸ πρόσωπον αὐτῆς καὶ διασπερεῖ τοὺς ἐνοικοῦντας ἐν αὐτῇ
- 2 Tout moun pral pase, prèt yo kou moun nan pèp la, esklav yo kou mèt yo, sèvant yo kou metrès yo, sa k'ap vann kou sa k'ap achte, sa k'ap bay ponya kou sa k'ap pran ponya, sa k'ap bay kredi kou sa k'ap pran kredi.
And it will be the same for the people as for the priest; for the servant as for his master; and for the woman-servant as for her owner; the same for the one offering goods for a price as for him who takes them; the same for him who gives money at interest and for him who takes it; the same for him who lets others have the use of his property as for those who make use of it.
 και ἔσται ὁ λαὸς ὡς ὁ ἱερεὺς καὶ ὁ παῖς ὡς ὁ κύριος καὶ ἡ θεράπινα ὡς ἡ κυρία ἔσται ὁ ἀγοράζων ὡς ὁ πωλὼν καὶ ὁ δανεῖζων ὡς ὁ δανειζόμενος καὶ ὁ ὀφείλων ὡς ὁ ὀφείλει
- 3 Yo pral ravaje tout tè a, yo pral piye tout bagay. Seyè a fin pale, se sa ki pou rive.
The earth will be completely waste and without men; for this is the word of the Lord.
 φθορᾷ φθαρήσεται ἡ γῆ καὶ προνομή προνομευθήσεται ἡ γῆ τὸ γὰρ στόμα κυρίου ἐλάλησεν ταῦτα
- 4 Tout moun sou latè nan lapenn. Yo pa kapab ankò. Pèp la ap plenn, y'ap deperi. Chèf yo ap plenn ansanm ak rès pèp la.
The earth is sorrowing and wasting away, the world is full of grief and wasting away, the high ones of the earth come to nothing.
 ἐπένθησεν ἡ γῆ καὶ ἐφθάρη ἡ οἰκουμένη ἐπένθησαν οἱ ὑψηλοὶ τῆς γῆς
- 5 Moun yo pa respekte peyi Bondye a. Yo pa koute lòd Bondye ba yo. Yo derefize fè sa l' te mande yo fè a, yo derefize obeyi kòmandman Bondye yo. Yo pa kenbe kontra li te fè ak yo pou tout tan an.
The earth has been made unclean by those living in it; because the laws have not been kept by them, the orders have been changed, and the eternal agreement has been broken.
 ἡ δὲ γῆ ἠνόμησεν διὰ τοὺς κατοικοῦντας αὐτήν διότι παρέβησαν τὸν νόμον καὶ ἥλλαξαν τὰ προστάγματα διαθήκην αἰώνιον
- 6 Se poutèt sa madichon ap fini ak latè: moun ki rete sou latè ap peye pou sa yo te fè ki mal. Y'ap deperi grenn pa grenn. Se yon ti ponyen ki rete.
For this cause the earth is given up to the curse, and those in it are judged as sinners: for this cause those living on the earth are burned up, and the rest are small in number.
 διὰ τοῦτο ἀρὰ ἔδεται τὴν γῆν ὅτι ἡμάρτοσαν οἱ κατοικοῦντες αὐτήν διὰ τοῦτο πτωχοὶ ἔσονται οἱ ἐνοικοῦντες ἐν τῇ γῇ καὶ καταλειφθήσονται ἄνθρωποι ὀλίγοι
- 7 Pye rezen yo ap fennen. Ou pa ka jwenn diven. Tout moun ki te konn fè fèt yo ap plenn.
The new wine is thin, the vine is feeble, and all the glad-hearted make sounds of grief.
 πενήσει οἶνος πενήσει ἄμπελος στενάζουσιν πάντες οἱ εὐφραινόμενοι τὴν ψυχὴν
- 8 Yo pa bat tanbou ankò. Pa gen gwo fèt ankò. Yo pa jwe gita ankò.
The pleasing sound of all instruments of music has come to an end, and the voices of those who are glad.
 πέπνυται εὐφροσύνη τυμπάνων πέπνυται αὐθάδεια καὶ πλοῦτος ἀσεβῶν πέπνυται φωνὴ κιθάρας
- 9 Nanpwen chante ankò lè y'ap bwè diven. Gwòg vin anmè nan bouch gwògmann yo.
There is no more drinking of wine with a song; strong drink will be bitter to those who take it.
 ἡσχύνθησαν οὐκ ἔπιον οἶνον πικρὸν ἐγένετο τὸ σικερα τοῖς πίνουσιν
- 10 Pa gen moun nan lavil la. Yo kite kay yo ap tonbe. Tout pòt kay fèmen, moun pa antre la ankò.
The town is waste and broken down: every house is shut up, so that no man may come in.
 ἡρημώθη πᾶσα πόλις κλείσει οἰκίαν τοῦ μὴ εἰσελθεῖν
- 11 Nan tout lari moun ap rele paske nanpwen diven ankò. Pa gen fèt rejwisans ankò. Nanpwen kè kontan nan peyi a.
There is a crying in the streets because of the wine; there is an end of all delight, the joy of the land is gone.
 ὀλολύζετε περὶ τοῦ οἴνου πανταχῇ πέπνυται πᾶσα εὐφροσύνη τῆς γῆς
- 12 Lavil la ap fini, ata pòtay yo fin kraze.
In the town all is waste, and in the public place is destruction.
 και καταλειφθήσονται πόλεις ἔρημοι καὶ οἴκοι ἐγκαταλειμμένοι ἀπολοῦνται

- 13 ¶ Se konsa sa pral ye nan tout peyi sou latè. Se va tankou apre rekòt lè y'ap gole dènye oliv ki rete nan pye oliv yo, lè y'ap fè grapyay apre rekòt rezen an.
For it will be in the heart of the earth among the peoples, like the shaking of an olive-tree, as the last of the grapes after the getting-in is done.
ταῦτα πάντα ἔσται ἐν τῇ γῆ ἐν μέσῳ τῶν ἔθνῶν ὃν τρόπον ἐάν τις καταλήσῃται ἐλαίαν οὕτως καταλήσονται αὐτούς καὶ ἐὰν παύσῃται ὁ τρύγητος
- 14 Sa ki chape yo pral rele, yo pral chante byen fò ak kè kontan. Y'ap rete bò solèy kouche a, yo pral di jan Seyè a gen pouvwa.
But those will be making sounds of joy; they will be crying loudly from the sea for the glory of the Lord.
οὗτοι φωνῆ βοήσονται οἱ δὲ καταλειφθέντες ἐπὶ τῆς γῆς εὐφρανθήσονται ἅμα τῇ δόξῃ κυρίου ταραχθήσεται τὸ ὕδωρ τῆς θαλάσσης
- 15 Konsa tou, moun ki rete bò solèy leve pral fè lwanj Seyè a. Moun ki rete sou zile nan lanmè a pral fè chante pou Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la.
Give praise to the Lord in the east, to the name of the Lord, the God of Israel, in the sea-lands.
διὰ τοῦτο ἡ δόξα κυρίου ἐν ταῖς νήσοις ἔσται τῆς θαλάσσης τὸ ὄνομα κυρίου ἐνδοξὸν ἔσται κύριε ὁ θεὸς ἰσραηλ
- 16 ¶ Byen lwen nan dènye bout latè, nou tande y'ap chante, y'ap fè lwanj pou moun ki mache dwat yo. Men mwen menm, mwen di: Pa gen rechap pou mwen! Pa gen chape pou mwen! Gade nan kisa m' ye! Trèt yo ap trayi moun toujou! Chak jou y'ap trayi moun pi rèd!
From the farthest part of the earth comes the sound of songs, glory to the upright. But I said, I am wasting away, wasting away, the curse is on me! The false ones go on in their false way, yes, they go on acting falsely.
ἀπὸ τῶν πετερύγων τῆς γῆς τέρατα ἠκούσαμεν ἐλπίς τῷ εὐσεβεῖ καὶ ἐροῦσιν οὐαὶ τοῖς ἀθετοῦσιν οἱ ἀθετοῦντες τὸν νόμον
- 17 Nou menm ki rete sou latè, se kè sere, se gwo twou, se pèlen ki pare pou nou!
Fear, and death, and the net, are come on you, O people of the earth.
φόβος καὶ βόθυνος καὶ παγὶς ἐφ' ὑμᾶς τοὺς ἐνοικοῦντας ἐπὶ τῆς γῆς
- 18 Moun k'ap kouri lè y'a tande rèl moun ki pè yo pral tonbe nan twou. Moun k'ap moute soti nan twou pral pran nan pèlen. Paske gwo lapli a pral tonbe sot nan syèl la. Fondasyon latè pral pran tranble.
And it will be that he who goes in flight from the sound of fear will be overtaken by death; and he who gets free from death will be taken in the net: for the windows on high are open, and the bases of the earth are shaking.
καὶ ἔσται ὁ φεύγων τὸν φόβον ἐμπεσεῖται εἰς τὸν βόθυνον ὁ δὲ ἐκβαίνων ἐκ τοῦ βοθύνου ἀλώσεται ὑπὸ τῆς παγίδος ὅτι θυρίδες ἐκ τοῦ οὐρανοῦ ἠνεφύθησαν καὶ σεισθήσεται τὰ θεμέλια τῆς γῆς
- 19 Latè pral fann, l'ap pete fè miyèt moso. L'ap tranble, l'ap souke tout kò l'.
The earth is completely broken, it is parted in two, it is violently moved.
ταραχῆ ταραχθήσεται ἡ γῆ καὶ ἀπορία ἀπορηθήσεται ἡ γῆ
- 20 Latè pral balanse tankou moun sou. Li pral souke tankou yon ti joup la van ap souffle fò. Peche lèzòm yo peze lou sou li: l'ap tonbe, li p'ap janm ka leve ankò.
The earth will be moving uncertainly, like a man overcome by drink; it will be shaking like a tent; and the weight of its sin will be on it, crushing it down so that it will not get up again.
ἐκλινεν καὶ σεισθήσεται ὡς ὀπωροφυλάκιον ἡ γῆ ὡς ὁ μεθύων καὶ κραπαλῶν καὶ πεσεῖται καὶ οὐ μὴ δύνῃται ἀναστῆναι κατίσχυσεν γὰρ ἐπ' αὐτῆς ἡ ἀνομία
- 21 Jou sa a, Seyè a pral pini zanj yo ki anwo nan syèl la, l'ap pini tout chèf k'ap gouvènen sou latè.
And in that day the Lord will send punishment on the army of the high ones on high, and on the kings of the earth on the earth.
καὶ ἐπάξει ὁ θεὸς ἐπὶ τὸν κόσμον τοῦ οὐρανοῦ τὴν χεῖρα καὶ ἐπὶ τοὺς βασιλεῖς τῆς γῆς
- 22 L'ap mete yo ansanm nan prizon nan yon tonm. L'ap fèmen yo nan kacho. Apre yon bon tan, l'ap pini yo.
And they will be got together, like prisoners in the prison-house; and after a long time they will have their punishment.
καὶ συνάξουσιν καὶ ἀποκλείουσιν εἰς ὄχυρῶμα καὶ εἰς δεσμοτήριον διὰ πολλῶν γενεῶν ἐπισκοπῆ ἔσται αὐτῶν
- 23 lalin lan pral vin tou nwa. Solèy la p'ap klere ankò, paske Seyè ki gen tout pouvwa a pral sèl wa. Li pral gouvènen nan lavil Jerizalèm sou tèt mòn Siyon an. Tout chèf fanmi pèp li a pral wè gwo pouvwa li.
Then the moon will be veiled, and the sun put to shame; for the Lord of armies will be ruling in Mount Zion and in Jerusalem, and before his judges he will let his glory be seen.
καὶ τακῆσεται ἡ πλίνθος καὶ πεσεῖται τὸ τεῖχος ὅτι βασιλεύσει κύριος ἐν σιων καὶ ἐν ἱερουσαλημ καὶ ἐνόπιον τῶν πρεσβυτέρων δοξαστήσεται
- 1 ¶ Seyè, se ou ki Bondye mwen! M'a di jan ou gen gwo pouvwa, m'a fè lwanj ou! Ou fè anpil bèl bagay. Plan travay ou te fè nan tèt ou depi lontan an, ou reyalize l' nèt, jan ou te vle l' la.
O Lord, you are my God; I will give praise to you, I will give honour to your name; for you have done great acts of power; your purposes in the past have been made true and certain in effect.
κύριε ὁ θεός μου δοξάσω σε ἡμνήσω τὸ ὄνομά σου ὅτι ἐποίησας θαυμαστά πράγματα βουλὴν ἀρχαίαν ἀληθινὴν γένοιτο κύριε
- 2 Ou fè tout lavil tounen pil wòch, lavil ki te gen gwo ranpa tounen vye kay kraze. Sitadèl lènmi yo te bati a disparèt. Yo p'ap janm ka rebati l' ankò.
For you have made a town a waste place: a strong town a mass of broken walls; the tower of the men of pride has come to an end; it will never be put up again.
ὅτι ἔθηκας πόλεις εἰς χῶμα πόλεις ὄχυράς τοῦ πεσεῖν αὐτῶν τὰ θεμέλια τῶν ἀσεβῶν πόλις εἰς τὸν αἰῶνα οὐ μὴ οἰκοδομηθῇ

- 3 Se poutèt sa, moun gwo nasyon yo ap fè lwanj ou. Lwijanboje ki rete nan lavil gwo peyi yo va gen krentif pou ou.
For this cause will the strong people give glory to you, the town of the cruel ones will be in fear of you.
διὰ τοῦτο εὐλογήσει σε ὁ λαὸς ὁ πτωχός καὶ πόλεις ἀνθρώπων ἀδικουμένων εὐλογήσουσίν σε
- 4 Paske ou te sèvi pwoteksyon pou moun ki fèb, yon pwoteksyon pou malere lè yo te nan tray. Se bò kote ou yo pare lapli. Se anba lonbraj ou yo pare solèy. Lè mechan yo move, yo tankou gwo lapli loraj k'ap tonbe nan tan fredri.
For you have been a strong place for the poor and the crushed in their trouble, a safe place from the storm, a shade from the heat, when the wrath of the cruel ones is like a winter storm.
ἐγένου γὰρ πάση πόλει ταπεινῆ βοηθὸς καὶ τοῖς ἀθυμήσασιν διὰ ἔνδειαν σκέπη ἀπὸ ἀνθρώπων πονηρῶν ῥύσει αὐτοὺς σκέπη διψόντων καὶ πνεῦμα ἀνθρώπων ἀδικουμένων
- 5 Yo tankou gwo solèy k'ap boule yon tè sèk. Men, Seyè, ou kase fe lènmi nou yo. Ou fè tout mechan yo fèmen bouch yo. Ou fè yo frèt tankou lè gwo nwaj bare solèy la nan sezon chalè.
As heat by the shade of a cloud, the noise of the men of pride has been made quiet by you; as heat by the shade of a cloud, the song of the cruel ones has been stopped.
εὐλογήσουσίν σε ὡς ἄνθρωποι ὀλιγόψυχοι διψῶντες ἐν σιῶν ἀπὸ ἀνθρώπων ἀσεβῶν οἷς ἡμεῖς παρέδωκα
- 6 ¶ Seyè ki gen tout pouw a pral fè yon gwo fèt sou mòn Siyon an pou tout nasyon ki sou latè, avèk bèl plat manje byen pare ak bonjan vyann gra. L'ap sèvi bon kalite diven ki la depi lontan.
And in this mountain will the Lord of armies make for all peoples a feast of good things, a feast of wines long stored, of good things sweet to the taste, of wines long kept and tested.
καὶ ποιήσει κύριος σαβαωθ πᾶσι τοῖς ἔθνεσιν ἐπὶ τὸ ὄρος τοῦτο πίνονται εὐφροσύνην πίνονται οἶνον χρίσονται μύρον
- 7 Se sou mòn sa a li pral wete gwo vwal ki te sou tèt tout nasyon yo, vwal ki te ba yo kè sere a.
And in this mountain he will put an end to the shade covering the face of all peoples, and the veil which is stretched over all nations.
ἐν τῷ ὄρει τοῦτῃ παράδος ταῦτα πάντα τοῖς ἔθνεσιν ἢ γὰρ βουλή αὐτῆ ἐπὶ πάντα τὰ ἔθνη
- 8 Seyè a pral fè pa janm gen lanmò ankò. Li pral siye dlo nan je tout moun. Li pral wete lawont sa a ki te sou pèp li a toupatou sou latè. Se Seyè a menm ki di sa!
He has put an end to death for ever; and the Lord God will take away all weeping; and he will put an end to the shame of his people in all the earth: for the Lord has said it.
κατέπιεν ὁ θάνατος ἰσχύσας καὶ πάλιν ἀφείλεν ὁ θεὸς πᾶν δάκρυον ἀπὸ παντὸς προσώπου τὸ δνειδος τοῦ λαοῦ ἀφείλεν ἀπὸ πάσης τῆς γῆς τὸ γὰρ στόμα κυρίου ἐλάλησεν
- 9 ¶ Jou sa a, tout moun va di: Se li menm ki Bondye nou. Nou te mete tout espwa nou nan li. Li delivre nou! Se li menm ki Seyè a! Nou te mete konfyans nou nan li. Ann fè kè nou kontan. Ann fè fèt, paske li delivre nou.
And in that day it will be said, See, this is our God; we have been waiting for him, and he will be our saviour: this is the Lord in whom is our hope; we will be glad and have delight in his salvation.
καὶ ἐροῦσιν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἰδοὺ ὁ θεὸς ἡμῶν ἐφ' ᾧ ἠλπίζομεν καὶ ἠγαλλιώμεθα καὶ εὐφρανθησόμεθα ἐπὶ τῇ σωτηρίᾳ ἡμῶν
- 10 Seyè a ap pwoteje mòn Siyon an. Men, l'ap pilonnen moun peyi Moab yo anba pye l', menm jan yo pilonnen pay nan labou pak bèt.
For in this mountain will the hand of the Lord come to rest, and Moab will be crushed down in his place, even as the dry stems of the grain are crushed under foot in the waste place.
ὅτι ἀνάπαυσιν δώσει ὁ θεὸς ἐπὶ τὸ ὄρος τοῦτο καὶ καταπατηθήσεται ἡ μοαβίτις ὃν τρόπον πατοῦσιν ἄλωνα ἐν ἀμάξαις
- 11 Nan mitan labou a, y'a lonje bra yo tankou si yo ta vle naje soti. Men Seyè a pral kraze lògèy yo, l'ap defèt tou sa yo te fè ak men yo.
And if he puts out his hands, like a man stretching out his hands in swimming, the Lord will make low his pride, however expert his designs.
καὶ ἀνήσει τὸς χεῖρας αὐτοῦ ὃν τρόπον καὶ αὐτὸς ἐταπεινώσεν τοῦ ἀπολέσαι καὶ ταπεινώσει τὴν ὕβριν αὐτοῦ ἐφ' ἧ τὸς χεῖρας ἐπέβαλεν
- 12 L'ap kraze gwo ranpa byen wo yo te bati sou miray yo, l'ap jete yo plat atè, l'ap fè yo tounen pousyè.
And the strong tower of your walls has been broken by him, made low, and crushed even to the dust.
καὶ τὸ ὕψος τῆς καταφυγῆς τοῦ τοίχου σου ταπεινώσει καὶ καταβήσεται ἕως τοῦ ἐδάφους
- 1 ¶ Jou sa a, pèp la va chante kantik sa a nan peyi Jida: -Koulye a, nou gen yon lavil ki byen pwoteje! Bondye bati gwo miray ak ranpa pou l' delivre nou.
In that day will this song be made in the land of Judah: We have a strong town; he will make salvation our walls and towers.
τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσονται τὸ ῥῆμα τοῦτο ἐπὶ γῆς ἰουδα λέγοντες ἰδοὺ πόλις ὀχυρά καὶ σωτήριον ἡμῶν θήσει τεῖχος καὶ περίτειχος
- 2 Louvri pòtay lavil yo! Kite nasyon ki toujou kenbe pawòl li ak Bondye a, nasyon ki fè sa ki dwat devan Bondye a antre.
Let the doors be open, so that the upright nation which keeps faith may come in.
ἀνοίξατε πύλας εἰσελθᾶτω λαὸς φυλάσσω δικαιοσύνην καὶ φυλάσσω ἀλήθειαν
- 3 Ou menm, Bondye, w'ap ba yo kè poze! Moun ki toujou kenbe pwomès yo, wi, w'ap ba yo kè poze, paske yo mete konfyans yo nan ou!
The man whose heart is unmoved you will keep in peace, because his hope is in you.
ἀντιλαμβανόμενος ἀληθείας καὶ φυλάσσω εἰρήνην ὅτι ἐπὶ σοὶ

- 4 Mete konfyans nou nan Bondye pou tout tan paske Seyè a ap toujou la pou pwoteje nou.
Let your hope be in the Lord for ever: for the Lord Jah is an unchanging Rock.
 ἤλπισαν κύριε ἕως τοῦ αἰῶνος ὁ θεὸς ὁ μέγας ὁ αἰώνιος
- 5 ¶ Li fè moun ki te gen gwo lide nan kè yo bese tèt yo byen ba. L'a kraze gwo lavil yo te bati pou pwoteje yo a, li demoli l' nèt ratè.
For he has made low those who are lifted up, all the people of the town of pride: he makes it low, crushing it down to the earth; he makes it low in the dust.
 ὅς ταπεινώσας κατήγαγες τοὺς ἐνοικοῦντας ἐν ὑψηλοῖς πόλεις ὄχυράς καταβαλεῖς καὶ κατάρξεις ἕως ἐδάφους
- 6 Pòn yo ak malere yo ap foule l' anba pye yo!
It will be crushed under the feet of the poor and the steps of those who are in need.
 καὶ πατήσουσιν αὐτοὺς πόδες πραέων καὶ ταπεινῶν
- 7 Seyè, ou fè chemen an dous pou moun k'ap mache dwat, ou louvri yon bèl chemen plat pou yo.
The way of the good man is straight; the road of the upright is made smooth by you.
 ὁδὸς εὐσεβῶν εὐθεῖα ἐγένετο καὶ παρεσκευασμένη ἡ ὁδὸς τῶν εὐσεβῶν
- 8 Nou vle fè volonte ou, nou konte sou ou. Se ou menm nou anvè wè! Se ou menm n'ap chonje tout tan!
We have been waiting for you, O Lord; the desire of our soul is for the memory of your name.
 ἡ γὰρ ὁδὸς κυρίου κρίσις ἠλπίσαμεν ἐπὶ τῷ ὀνόματί σου καὶ ἐπὶ τῇ μνηίᾳ
- 9 Lannwit, se ou menm m'ap chonje. Lide m' ap travay sou ou. Paske lè w'ap jije sa k'ap pase sou latè moun ki sou latè resi konnen sa ki rele jistis.
In the night the desire of my soul has been for you; early will my spirit be searching for you; for when your punishments come on the earth, the people of the world will get the knowledge of righteousness.
 ἢ ἐπιθυμεῖ ἡ ψυχὴ ἡμῶν ἐκ νυκτὸς ὀρθρίζει τὸ πνεῦμά μου πρὸς σέ ὁ θεός διότι φῶς τὰ προστάγματά σου ἐπὶ τῆς γῆς δικαιοσύνην μάθετε οἱ ἐνοικοῦντες ἐπὶ τῆς γῆς
- 10 Si yo fè mechan yo gras se pa sa k'ap fè yo konnen sa ki rele jistis. Menm nan peyi kote moun ap mache dwat, y'ap fè sa ki mal. Yo derefize rekonèt pouwa Bondye!
Even if you are kind to the evil-doer, he will not go after righteousness; even in the land of the upright he will still go on in his wrongdoing, and will not see the glory of the Lord.
 πέπαιται γὰρ ὁ ἀσεβῆς οὐ μὴ μάθῃ δικαιοσύνην ἐπὶ τῆς γῆς ἀλήθειαν οὐ μὴ ποιήσῃ ἀρθήτω ὁ ἀσεβῆς ἵνα μὴ ἴδῃ τὴν δόξαν κυρίου
- 11 Seyè, ou leve men ou pou pini lènmi ou yo, yo pa wè sa. Fè yo wè jan ou renmen pèp ou a, epi y'a wont. Fè dife ou pare pou lènmi ou yo devore yo.
Lord, your hand is lifted up, but they do not see: let them see ... yes, your haters will be burned up in the fire.
 κύριε ὑψηλός σου ὁ βραχίον καὶ οὐκ ᾔδεισαν γνόντες δὲ αἰσχυνθήσονται ζῆλος λήμψεται λαὸν ἀπαιδέυτον καὶ νῦν πῦρ τοὺς ὑπεναντίους ἕδεται
- 12 ¶ Seyè, ou fè nou viv ak kè poze. Paske tou sa nou rive fè, se ou ki fè l' pou nou!
Lord, you will give us peace: for all our works are the outcome of your purpose.
 κύριε ὁ θεὸς ἡμῶν εἰρήνην δὸς ἡμῖν πάντα γὰρ ἀπέδωκας ἡμῖν
- 13 Seyè, Bondye nou an, gen lòt chèf ki t'ap dirije nou. Men, se ou menm sèl ki mèt nou, se ou menm sèl n'ap sèvi!
O Lord, our God, other lords than you have had rule over us; but in you only is our salvation, and no other name will we take on our lips.
 κύριε ὁ θεὸς ἡμῶν κτῆσαι ἡμᾶς κύριε ἐκτὸς σοῦ ἄλλον οὐκ οἶδαμεν τὸ ὄνομά σου ὀνομάζομεν
- 14 Sa ki mouri yo mouri nèt, lespri yo p'ap leve ankò. Paske, ou pini yo, ou disparèt yo. Ou fè pa gen moun k'ap chonje yo ankò.
The dead will not come back to life: their spirits will not come back to earth; for this cause you have sent destruction on them, so that the memory of them is dead.
 οἱ δὲ νεκροὶ ζῶν οὐ μὴ ἴδωσιν οὐδὲ ἰατροὶ οὐ μὴ ἀναστήσωσιν διὰ τοῦτο ἐπίγαγες καὶ ἀπόλεσας καὶ ἤρας πᾶν ἄρσεν αὐτῶν
- 15 Seyè, ou fè nasyon nou an vin pi plis. Ou fè l' vin pi plis, ou laji fwontyè peyi a. Sa fè moun wè jan ou gen pouwa.
You have made the nation great, O Lord, you have made it great; glory is yours: you have made wide the limits of the land.
 πρόσθεσ ἀυτοῖς κακὰ κύριε πρόσθεσ κακὰ πᾶσιν τοῖς ἐνδόξοις τῆς γῆς
- 16 Seyè, lè pèp la te nan tray, se ou menm yo te vin jwenn. Lè ou t'ap pini yo, yo te gen kè sere, se nan pye ou yo t'ap lapriyè.
Lord, in trouble our eyes have been turned to you, we sent up a prayer when your punishment was on us.
 κύριε ἐν θλίψει ἐμνήσθη σου ἐν θλίψει μικρᾷ ἡ παιδεία σου ἡμῖν
- 17 Seyè, nou t'ap rele nan pye ou, tankou yon fanm ansent ki prèt pou akouche, k'ap tòde, k'ap rele lè tranche a pran l'.
As a woman with child, whose time is near, is troubled, crying out in her pain; so have we been before you, O Lord.
 καὶ ὡς ἡ ὀδίνουσα ἐγγίζει τοῦ τεκεῖν καὶ ἐπὶ τῇ ὀδίνι αὐτῆς ἐκέκραξεν οὕτως ἐγενήθημεν τῷ ἀγαπητῷ σου διὰ τὸν φόβον σου κύριε

- 18 Li nan lapenn, l'ap tòde anba doulè. Men, lè pou l' akouche, li pa fè anyen. Konsa tou, nou te nan lapenn, men, peyi a pa rive sove. Moun ki pou rete nan peyi a pa rive fèt.
We have been with child, we have been in pain, we have given birth to wind; no salvation has come to the earth through us, and no children have come into the world.
 ἐν γαστρὶ ἐλάβομεν καὶ ὠδινήσαμεν καὶ ἐτέκομεν πνεῦμα σωτηρίας σου ἐποίησαμεν ἐπὶ τῆς γῆς ἀλλὰ πεσοῦνται οἱ ἐνοικοῦντες ἐπὶ τῆς γῆς
- 19 Moun pa ou yo ki te mouri pral leve vivan ankò. Kadav yo pral leve mache. Nou menm ki te anba tè, leve non! Chante ak kè kontan. Menm jan lawouze rafrechè latè, se konsa Seyè a pral fè sa ki te mouri depi lontan yo leve vivan ankò.
Your dead will come back; their dead bodies will come to life again. Those in the dust, awaking from their sleep, will send out a song; for your dew is a dew of light, and the earth will give birth to the shades.
 ἀναστήσονται οἱ νεκροὶ καὶ ἐγερθήσονται οἱ ἐν τοῖς μνημείοις καὶ εὐφρανθήσονται οἱ ἐν τῇ γῇ ἢ γὰρ δρόσος ἢ παρὰ σοῦ ἴαμα αὐτοῖς ἐστὶν ἢ δὲ γῆ τῶν ἀσεβῶν πεσεῖται
- 20 ¶ Ale non, pèp mwen an! Antre lakay nou. Fèmen pòt deyè nou. Kache kò nou pou yon ti tan, jouk kòlè Bondye a va fin pase.
Come, my people, into your secret places, and let your doors be shut: keep yourself safe for a short time, till his wrath is over.
 βάδιζε λαός μου εἰσελθε εἰς τὰ ταμεία σου ἀπόκλεισον τὴν θύραν σου ἀποκρύβηθι μικρὸν ὅσον ὅσον ἕως ἂν παρέλθῃ ἡ ὀργὴ κυρίου
- 21 Seyè a ap met deyò, li pral pini mezi moun sou latè ki fè krim. Yo pral devwale tout krim yo te fè an kachèt. Yo pral dekouvri kadav tout moun yo te touye.
For the Lord is coming out of his place to send punishment on the people of the earth for their evil-doing: the earth will let the blood drained out on her be seen, and will keep her dead covered no longer.
 ἰδοὺ γὰρ κύριος ἀπὸ τοῦ ἁγίου ἐπάγει τὴν ὀργὴν ἐπὶ τοὺς ἐνοικοῦντας ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἀνακαλύψει ἡ γῆ τὸ αἷμα αὐτῆς καὶ οὐ κατακαλύψει τοὺς ἀνηρημένους
- 1 ¶ Jou sa a, Seyè a pral pran gwo nepe li a ki byen file, byen solid, li pral sèvi avè l' pou l' pini levyan an, gwo koulèn ki konn kouri kache a, gwo koulèn ki konn tòde kò l' la. L'ap touye dragon k'ap viv nan lanmè a.
In that day the Lord, with his great and strong and cruel sword, will send punishment on Leviathan, the quick-moving snake, and on Leviathan, the twisted snake; and he will put to death the dragon which is in the sea.
 τῇ ἡμέρᾳ ἐκεῖνη ἐπάξει ὁ θεὸς τὴν μάχαιραν τὴν ἁγίαν καὶ τὴν μεγάλην καὶ τὴν ἰσχυρὰν ἐπὶ τὸν δράκοντα ὄφιν φεύγοντα ἐπὶ τὸν δράκοντα ὄφιν σκολιὸν καὶ ἀνελεῖ τὸν δράκοντα
- 2 Jou sa a, y'a chante yon chante sou jaden rezen k'ap bay bon diven an.
In that day it will be said, A vine-garden of delight, make a song about it.
 τῇ ἡμέρᾳ ἐκεῖνη ἀμπελῶν καλὸς ἐπιθύμημα ἐξάρχειν κατ' αὐτῆς
- 3 Se mwen menm, Seyè a, k'ap okipe jaden an. Se chak lè m'ap wouze l'. Lajounen kou lannwit m'ap veye l', pou pesonn pa fè l' anyen.
I, the Lord, am watching it; I will give it water at all times: I will keep it night and day, for fear that any damage comes to it.
 ἐγὼ πόλις ἰσχυρὰ πόλις πολιορκουμένη μάτην ποτιῶ αὐτὴν ἀλώσεται γὰρ νυκτὸς ἡμέρας δὲ πεσεῖται τὸ τεῖχος
- 4 Mwen pa fache avè l' ankò. Si mwen jwenn pikan ak move raje ladan l', m'a rache yo. M'a sanble yo, m'a boule yo nan dife.
My passion is over: if the thorns were fighting against me, I would make an attack on them, and they would be burned up together.
 οὐκ ἐστὶν ἢ οὐκ ἐπελάβετο αὐτῆς τίς με θήσει φυλάσσειν καλὰμην ἐν ἀγρῷ διὰ τὴν πολεμίαν ταύτην ἠθέτηκα αὐτὴν τοῖνον διὰ τοῦτο ἐποίησεν κύριος ὁ θεὸς πάντα ὅσα συνέταξεν κατακέκαυμαι
- 5 Men, si lènmi pèp mwen an vle pou m' pwoteje yo, se pou yo vin fè lapè ak mwen. Wi, se pou yo vin fè lapè ak mwen.
Or let him put himself under my power, and make peace with me.
 βοήσονται οἱ ἐνοικοῦντες ἐν αὐτῇ ποιήσωμεν εἰρήνην αὐτῷ ποιήσωμεν εἰρήνην
- 6 Nan jou k'ap vini yo, fanmi Jakòb la pral pouse rasin ankò, pèp Izrayèl la pral boujonnen, li pral fè flè. Li pral kouvri latè ak donn l'ap bay.
In days to come Jacob will take root: Israel will put out buds and flowers; and the face of the world will be full of fruit.
 οἱ ἐρχόμενοι τέκνα ἰακωβ βλαστήσει καὶ ἐξανθήσει ἰσραηλ καὶ ἐμπλησθήσεται ἡ οἰκουμένη τοῦ καρποῦ αὐτοῦ
- 7 ¶ Seyè a pa t' pini l' menm jan li te pini lènmi l' yo. Li pa t' touye moun li yo menm jan li te touye moun ki t'ap ansasinen l' yo.
Is his punishment like the punishment of those who overcame him? or are his dead as great in number as those he put to the sword?
 μὴ ὡς αὐτὸς ἐπάταξεν καὶ αὐτὸς οὕτως πληγήσεται καὶ ὡς αὐτὸς ἀνεῖλεν οὕτως ἀναιρεθήσεται
- 8 Pou l' te pini pèp la, li mete yo deyò nan peyi a, li fè depòte yo, li voye yon move van soti nan lès pote yo ale.
Your anger against her has been made clear by driving her away; he has taken her away with his storm-wind in the day of his east wind.
 μαχόμενος καὶ ὄνειδίζων ἐξαποστελεῖ αὐτοὺς οὐ σὺ ἦσθα ὁ μελετῶν τῷ πνεύματι τῷ σκληρῷ ἀνελεῖν αὐτοὺς πνεύματι θυμοῦ

- 9 Men, pou l' padonnen peche pèp Izrayèl la, se pou tout wòch lotèl zidòl yo tounen pousyè lacho, se pou yo kraze tout estati zidòl yo ansanm ak lotèl kote yo boule lansan pou yo. Se konsa li p'ap fè yo peye pou sa yo fè a.
So by this will the sin of Jacob be covered, and this is all the fruit of taking away his punishment; when all the stones of the altar are crushed together, so that the wood pillars and the sun-images will not be put up again.
διὰ τοῦτο ἀφαιρεθήσεται ἡ ἀνομία ἰακωβ καὶ τοῦτό ἐστὶν ἡ εὐλογία αὐτοῦ ὅταν ἀφέλωμα αὐτοῦ τὴν ἀμαρτίαν ὅταν θῶσιν πάντας τοὺς λίθους τῶν βωμῶν κατακεκομμένους ὡς κόνιαν λεπτὴν καὶ οὐ μὴ μείνη τὰ δένδρα αὐτῶν καὶ τὰ εἰδῶλα αὐτῶν ἐκκεκομμένα ὡσπερ δρυμὸς μακρὰν
- 10 Laval ki te gen gwo ranpa ap fin kraze. Pa gen moun ki rete la ankò. Laval la tounen yon savann. Se la jenn bèf vin rete, se la yo manje, se la yo kouche. Y'ap manje dènye ti pous raje.
For the strong town is without men, an unpeopled living-place; and she has become a waste land: there the young ox will take his rest, and its branches will be food for him.
τὸ κατοικοῦμενον ποιμνιον ἀνεμιμένον ἔσται ὡς ποιμνιον καταλειμμένον καὶ ἔσται πολὺν χρόνον εἰς βόσκημα καὶ ἐκεῖ ἀναπαύσονται
- 11 Branch bwa yo cheche, yo kase. Medam yo ranmase yo pou fè dife. Paske pèp la pa t' konprann anyen, Bondye ki te kreye l' la p'ap gen pitye pou li. Bondye ki te fè l' la p'ap fè l' gras.
When its branches are dry they will be broken off; the women will come and put fire to them: for it is a foolish people; for this cause he who made them will have no mercy on them, and he whose work they are will not have pity on them.
καὶ μετὰ χρόνον οὐκ ἔσται ἐν αὐτῇ πᾶν χλωρὸν διὰ τὸ ξηρανθῆναι γυναῖκες ἐρχόμεναι ἀπὸ θέας δεῦτε οὐ γὰρ λαός ἐστιν ἔχων σύνεσιν διὰ τοῦτο οὐ μὴ οἰκτιρήσῃ ὁ ποιήσας αὐτούς οὐδὲ ὁ πλάσας αὐτοὺς οὐ μὴ ἐλεήσει
- 12 Jou sa a, tankou lè y'ap bat pwa sou glasi, se Seyè a menm ki pral jije tout moun nan peyi a, depi bò larivyè Lefrat la jouk ravin ki sou fwontyè ak peyi Lejip la. Apre sa, nou menm pitit Izrayèl yo, l'ap ranmase nou grenn pa grenn, tankou lè y'ap ranmase grenn pwa sou glasi.
And it will be in that day that the Lord will get together his grain, from the River to the stream of Egypt, and you will be got together with care, O children of Israel.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ συμφράξει κύριος ἀπὸ τῆς διώρυγος τοῦ ποταμοῦ ἕως ῥίνοκοροῦρων ἡμεῖς δὲ συναγάγετε τοὺς υἱοὺς ἰσραὴλ κατὰ ἓνα ἓνα
- 13 Wi, jou sa a, y'a kònen gwo twonpèt la. Tout moun ki t'ap deperi nan peyi Lasiri, tout moun yo te depòte nan peyi Lejip yo pral tounen lakay yo. Y'ap vin adore Seyè a sou mòn ki apa pou li a, nan laval Jerizalèm.
And it will be in that day that a great horn will be sounded; and those who were wandering in the land of Assyria, and those who had been sent away into the land of Egypt, will come; and they will give worship to the Lord in the holy mountain at Jerusalem.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ σαλπιοῦσιν τῇ σάλπιγγι τῇ μεγάλῃ καὶ ἤξουσιν οἱ ἀπολόμενοι ἐν τῇ χώρᾳ τῶν ἀσσυρίων καὶ οἱ ἀπολόμενοι ἐν αἰγύπτῳ καὶ προσκυνήσουσιν τῷ κυρίῳ ἐπὶ τὸ ὄρος τὸ ἅγιον ἐν ἱερουσαλήμ
- 1 ¶ Madichon pou gwògmann ki alatèt peyi Efrayim lan! Pouwva yo ap fini tankou bèl flè ki te nan kouwòn yo te mete sou tèt yo a. Madichon pou bèl kapital k'ap deperi sou tèt mòn kote li dominen bon venn tè ki nan plenn lan! Madichon pou nou tout ki anba gwòg nou!
Ho! crown of pride of those who are given up to wine in Ephraim, and the dead flower of his glory which is on the head of those who are overcome by strong drink!
οὐαὶ τῷ στεφάνῳ τῆς ὕβρεως οἱ μισθῶτοί εφραὶμ τὸ ἄνθος τὸ ἐκπεσὸν ἐκ τῆς δόξης ἐπὶ τῆς κορυφῆς τοῦ ὄρους τοῦ παχέως οἱ μεθύοντες ἀνευ οἴνου
- 2 Seyè a gen yon moun ki gen fòs, yon moun ki gen pouwva pou fè travay la pou li. L'ap vini tankou yon gwo lapli k'ap tonbe fòs avès, k'ap fè dlo moute anvayi toupatou. L'ap pran tout bagay nan men l', l'ap leve yo. L'ap fese yo atè.
See, the Lord has a strong and cruel one; like a rain of ice, a storm of destruction, like the overflowing of a strong river, he will violently overcome them.
ἰδοὺ ἰσχυρὸν καὶ σκληρὸν ὁ θυμὸς κυρίου ὡς χάλαζα καταφερομένη οὐκ ἔχουσα σκέπην βία καταφερομένη ὡς ὕδατος πολὺ πληθὸς σῦρον χώραν τῇ γῆ ποιήσει ἀνάπαισιν ταῖς χερσίν
- 3 Li pral pilonnen anba pye li sa ki te fè lògèy gwògmann yo, chèf peyi Efrayim yo.
The crown of pride of those who are given up to wine in Ephraim will be crushed under foot;
καὶ τοῖς ποσὶν καταπατηθήσεται ὁ στέφανος τῆς ὕβρεως οἱ μισθῶτοί τοῦ εφραὶμ
- 4 Bèl kapital chèf sa yo pral fini kraze sou tèt mòn kote l'ap donninen sou bon venn tè ki nan fon an. Enben, yo pral disparèt tankou premye fig frans mi ki parèt nan sezon an. Wè yon moun wè l', l'ap pran l', l'ap manje l'.
And the dead flower of his glory, which is on the head of the fertile valley, will be like the first early fruit before the summer; which a man takes and puts in his mouth the minute he sees it.
καὶ ἔσται τὸ ἄνθος τὸ ἐκπεσὸν τῆς ἐλπίδος τῆς δόξης ἐπ' ἄκρου τοῦ ὄρους τοῦ ὑψηλοῦ ὡς πρόδρομος σύκου ὁ ἰδὼν αὐτὸ πρὶν ἢ εἰς τὴν χεῖρα αὐτοῦ λαβεῖν θελήσει αὐτὸ καταπιεῖν
- 5 Jou sa a, Seyè ki gen tout pouwva a pral tankou yon bèl kouwòn flè pou rèz moun ki pa mouri yo, yon bèl kouwòn dyaman pou sa ki chape yo.
In that day will the Lord of armies be a crown of glory, and a fair ornament, to the rest of his people;
τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσται κύριος σαβαωθ ὁ στέφανος τῆς ἐλπίδος ὁ πλακεὶς τῆς δόξης τῷ καταλειφθέντι μου λαῷ
- 6 L'a fè moun ki chita nan tribinal yo gen bon konprann pou yo pa fè lenjistis. L'ap bay sòlda yo fòs pou yo ka kilbite lènmi yo lòt bò pòtay laval la.
And a spirit of wisdom to the judge, and strength to those who keep back the attackers at the door of the town.
καταλειφθήσονται ἐπὶ πνεύματι κρίσεως ἐπὶ κρίσιν καὶ ἰσχὺν κολύων ἀνελεῖν

- 7 Ata pwofèt yo ak prèt yo, yo sitèlman sou, y'ap titibe. Yo sitèlman bwè diven ak gwo gwòg fò, y'ap di betiz, y'ap depale. Pwofèt yo twò sou pou yo konprann anyen nan vizyon Bondye ap fè yo wè. Prèt yo ap depale, yo pa konn sa pou yo di lè moun vin mete yon ka devan yo.
 And further, these are uncertain through wine, and have gone out of the right way through strong drink: the priest and the prophet are uncertain through strong drink, they are overcome by wine, they have gone out of the way through strong drink; their vision is false, they go wrong in their decisions.
 οὔτοι γὰρ οἶνον πεπλανημένοι εἰσὶν ἐπλανήθησαν διὰ τὸ σικερα ἱερεὺς καὶ προφήτης ἐξέστησαν διὰ τὸν οἶνον ἐσεισθησαν ἀπὸ τῆς μέθης τοῦ σικερα ἐπλανήθησαν τοῦτ' ἔστι φάσμα
- 8 Yo vonmi sal tout tab kote yo chita a. Pa gen yon ti kote ki pa sal.
 For all the tables are covered with coughed-up food, so that there is not a clean place.
 ἀρὰ ἔδεται ταύτην τὴν βουλὴν αὐτῆ γὰρ ἡ βουλή ἔνεκεν πλεονεξίας
- 9 ¶ Y'ap pale sou mwen, y'ap di: Ki moun l'ap moutre tout bagay sa yo? Ki moun l'ap fè konprann sa Bondye fè l' konnen an? Gen lè se pou timoun ki fèk sevre, timoun ki fèk kite tete?
 To whom will he give knowledge? and to whom will he make clear the word? Will it be to those who have newly given up milk, and who have only now been taken from the breast?
 τίνοι ἀνηγγεῖλαμεν κακὰ καὶ τίνοι ἀνηγγεῖλαμεν ἀγγελίαν οἱ ἀπογεγαλακτισμένοι ἀπὸ γάλακτος οἱ ἀπεσπασμένοι ἀπὸ μαστοῦ
- 10 Tankou pwofesè lekòl, l'ap repete lèt apre lèt, liy apre liy, leson apre leson.
 For it is one rule after another; one line after another; here a little, there a little.
 θλίψιν ἐπὶ θλίψιν προσδέχου ἐλπίδα ἐπ' ἐλπίδι ἔτι μικρὸν ἔτι μικρὸν
- 11 Si yo pa koute m', Bondye pral voye yon bann moun k'ap pale yon lòt lang yo p'ap konprann menm pou pale ak yo.
 No, but with broken talk, and with a strange tongue, he will give his word to this people:
 διὰ φαυλισμὸν χειλέων διὰ γλώσσης ἐτέρας ὅτι λαλήσουσιν τῷ λαῷ τοῦτω
- 12 Se li menm ki te ban nou yon kote pou n' poze kò nou, yon peyi kote tout moun ki bouke ka jwenn kanpo, yon peyi kote moun ka viv ak kè poze, men nou derefize koute.
 To whom he said, This is the rest, give rest to him who is tired; and by this you may get new strength; but they would not give ear.
 λέγοντες αὐτῷ τοῦτο τὸ ἀνάπαυμα τῷ πεινῶντι καὶ τοῦτο τὸ σύντριμμα καὶ οὐκ ἠθέλησαν ἀκούειν
- 13 Se poutèt sa, Seyè a pral pale ak nou, l'ap repete lèt apre lèt, liy apre liy, leson apre leson. Lè sa a, n'a pral bite, nou pral tonbe sou deyè, nou pral kase pye nou, nou pral pran nan pèlen, y'ap fè nou prizonye.
 For this cause the word of the Lord will be to them rule after rule, line after line, here a little, there a little; so that they may go on their way, and falling back may be broken, and taken in the net.
 καὶ ἔσται αὐτοῖς τὸ λόγιον κυρίου τοῦ θεοῦ θλίψις ἐπὶ θλίψιν ἐλπίς ἐπ' ἐλπίδι ἔτι μικρὸν ἔτι μικρὸν ἵνα πορευθῶσιν καὶ πέσωσιν εἰς τὰ ὀπίσω καὶ κινδυνεύουσιν καὶ συντριβήσονται καὶ ἀλώσονται
- 14 ¶ Se poutèt sa, nou menm bann awogan ki chita lavil Jerizalèm pou gouvènè pèp sa a, koute sa Seyè a di nou:
 Give ear then to the word of the Lord, you men of pride, the rulers of this people in Jerusalem:
 διὰ τοῦτο ἀκούσατε λόγον κυρίου ἄνδρες τεθλιμμένοι καὶ ἄρχοντες τοῦ λαοῦ τοῦτου τοῦ ἐν ἱερουσαλήμ
- 15 -N'ap fè grandizè deske nou te pase kontra avèk lanmò, nou te siyen papye ak chèf peyi kote mò yo ye a. N'ap plede di lè malè a va rive li p'ap tonbe sou nou, paske avèk fòs manti nou jwenn kote pou n' kache, avèk fòs plan nou maske kò nou.
 Because you have said, We have made death our friend, and with the underworld we have made an agreement; when the overflowing waters come through they will not come near us; for we are looking to false words for help, taking cover in what is untrue:
 ὅτι εἶπατε ἐποιήσαμεν διαθήκην μετὰ τοῦ ᾄδου καὶ μετὰ τοῦ θανάτου συνθήκας καταγίς φερομένη ἐὰν παρέλθῃ οὐ μὴ ἔλθῃ ἐφ' ἡμᾶς ἐθήκαμεν ψεῦδος τὴν ἐλπίδα ἡμῶν καὶ τῷ ψεύδει σκεπασθησόμεθα
- 16 Se poutèt sa, koulye a, men sa Seyè a di: Gade! Se mwen menm menm k'ap mete yon fondasyon byen fèm, byen solid nan lavil Siyon an. Nan kwen fondasyon an, m'ap mete yon gwo wòch pyè byen chita. Sou li m'ap make: moun ki gen konfyans nan Bondye p'ap janm gen kè sote.
 For this cause says the Lord God, See, I am placing in Zion as a base, a stone, a tested stone, an angle-stone which is certain and of great value: and he who has faith will not give way.
 διὰ τοῦτο οὕτως λέγει κύριος ἰδού ἐγὼ ἐμβαλῶ εἰς τὰ θεμέλια σίων λίθον πολυτελεῖ ἐκλεκτὸν ἀκρογωνιαίον ἔντιμον εἰς τὰ θεμέλια αὐτῆς καὶ ὁ πιστεύων ἐπ' αὐτῷ οὐ μὴ καταισχυθῆ
- 17 Jistis, se va mèt k'ap sèvi pou mezire fondasyon an. Seriozite, se va nivo k'ap sèvi pou mete l' nivo. Men, gwo van lagrèl la pral kraze kachèt mantò yo. Dlo inondasyon an pral bwote kachkach nou yo pote ale.
 And I will make right decision the measuring-line, and righteousness the weight: and the ice-storm will take away the safe place of false words, and the secret place will be covered by the flowing waters.
 καὶ θήσω κρίσιν εἰς ἐλπίδα ἢ δὲ ἐλεημοσύνη μου εἰς σταθμούς καὶ οἱ πεποιθότες μάτην ψεύδει ὅτι οὐ μὴ παρέλθῃ ὑμᾶς καταγίς

- 18 Li pral kraze kontra nou te pase avèk lanmò a. Li pral chire papye nou te siyen avèk chèf peyi kote mò yo ye a. Lè malè a vini, l'a kraze nou.
And the help you were looking for from death will come to nothing, and your agreement with the underworld will be broken; when the overflowing waters come through, then you will be overcome by them.
μή και ἀφέλη ὑμῶν τὴν διαθήκην τοῦ θανάτου και ἡ ἐλπίς ὑμῶν ἢ πρὸς τὸν ἄδην οὐ μὴ ἐμμείνη καταγιγς φερομένη ἐὰν ἐπέλθῃ ἔσεσθε αὐτῇ εἰς καταπάτημα
- 19 Malè a ap pase sou nou chak maten. N'a gen pou n' sipòte l' lajounen kou lannwit. Chak mesaj Bondye va fè yo konnen va ba yo sezisman.
Whenever they come through they will overtake you; for they will come through morning after morning, by day and by night: and the news will be nothing but fear.
ὅταν παρέλθῃ λήμψεται ὑμᾶς προὶ προὶ παρελεύσεται ἡμέρας και ἐν νυκτὶ ἔσται ἐλπίς πονηρὰ μάθετε ἀκούειν
- 20 Jan pawòl la di a, n'ap tankou moun k'ap chache kouche sou yon kabann twò kout pou yo, anba yon lenn ki manke lajè.
For the bed is not long enough for a man to be stretched out on: and the cover is not wide enough for him to be covered with.
στενοχωρούμενοι οὐ δυνάμεθα μάχεσθαι αὐτοὶ δὲ ἀσθενοῦμεν τοῦ ἡμᾶς συναχθῆναι
- 21 Paske Seyè a pral leve kanpe jan l' te fè l' sou mòn Perazim lan, li pral souke kò l' jan l' te fè l' nan plenn Gabawon an, pou l' fè sa li vle fè a, bagay nou pa ta janm kwè, pou l' fin fè travay li, travay nou pa ka konprann.
For the Lord will come up as on Mount Perazim, he will be moved to wrath as in the valley of Gibeon; so that he may do his work--strange is his work; and give effect to his act--unnatural is his act.
ὥσπερ ὄρος ἀσεβῶν ἀναστήσεται και ἔσται ἐν τῇ φάραγγι γαβῶν μετὰ θυμοῦ ποιήσει τὰ ἔργα αὐτοῦ πικρίας ἔργον ὃ δὲ θυμὸς αὐτοῦ ἀλλοτριῶς χρήσεται και ἡ πικρία αὐτοῦ ἀλλοτρία
- 22 Koulye a, piga nou pase pawòl mwen yo nan betiz pou yo pa mare nou nan kòd pi rèd toujou. Paske, Seyè ki gen tout pouwva a fè m' konnen li fin pran desizyon l' pou l' detwi tout peyi a. Li p'ap chanje lide.
And now, take care that you do not make sport of him, or your bands will be made strong; for I have had word from the Lord, the Lord of armies, of an end, of a complete end, which is to come on all the land.
και ὑμεῖς μὴ εὐφρανθεῖτε μηδὲ ἰσχυράτωσαν ὑμῶν οἱ δεσμοὶ διότι συντετελεσμένα και συντετημένα πράγματα ἤκουσα παρὰ κυρίου σαβαωθ ἃ ποιήσει ἐπὶ πᾶσαν τὴν γῆν
- 23 ¶ Pare zòrèy nou! Tande sa m'ap di nou! Koute byen pawòl k'ap sot nan bouch mwen!
Let your ears be open to my voice; give attention to what I say.
ἐνωτίζεσθε και ἀκούετε τῆς φωνῆς μου προσέχετε και ἀκούετε τοὺς λόγους μου
- 24 Yon moun k'ap travay tè p'ap janm pase tout tan l' ap raboure, ap kraze bit, ap pare tè pou plante.
Is the ploughman for ever ploughing? does he not get the earth ready and broken up for the seed?
μὴ ὄλην τὴν ἡμέραν μέλλει ὁ ἄροτριῶν ἄροτριάν ἢ σπόρον προετοιμάσει πρὶν ἐργάσασθαι τὴν γῆν
- 25 Rive yon lè, lè li fin bat tè a, l'ap simen grenn tankou lanni ak kannèl. Apre sa, l'ap plante ble, pitimi ak lòj. Lèfini, sou lizyè jaden an li gen dwa simen lòt grenn tankou pwa chouk.
When the face of the earth has been levelled, does he not put in the different sorts of seed, and the grain in lines, and the barley in its place, and the spelt at the edge?
οὐχ ὅταν ὁμολίση αὐτῆς τὸ πρόσωπον τότε σπεῖρει μικρὸν μελάνθιον και κύμινον και πάλιν σπεῖρει τυρὸν και κριθὴν και ζέαν ἐν τοῖς ὀρίοις σου
- 26 Li konn sa pou l' fè, paske se Bondye menm ki moutre l' sa pou l' fè.
For his God is his teacher, giving him the knowledge of these things.
και παιδευθήσῃ κρίματι θεοῦ σου και εὐφρανθήσῃ
- 27 Yo pa janm sèvi ak woulo pou degrennen lanni oninon kannèl. Men, se avèk yon bout bwa yo bat pitimi ak pwa.
For the fitches are not crushed with a sharp instrument, and a cart-wheel is not rolled over the cummin; but the grain of the fitches is hammered out with a stick, and of the cummin with a rod.
οὐ γὰρ μετὰ σκληρότητος καθαιρέται τὸ μελάνθιον οὐδὲ τροχὸς ἀμάξης περιάζει ἐπὶ τὸ κύμινον ἀλλὰ ῥάβδῳ ἐκτινάσσεται τὸ μελάνθιον τὸ δὲ κύμινον
- 28 Lè y'ap bat ble a pou degrennen l', yo pa bat li san rete. Yo konnen jan pou yo fè woulo a pase sou ble a san yo pa kraze grenn yo.
Is the grain for bread crushed? He does not go on crushing it for ever, but he lets his cart-wheels and his horses go over it without crushing it.
μετὰ ἄρτου βρωθήσεται οὐ γὰρ εἰς τὸν αἰῶνα ἐγὼ ὑμῖν ὀργισθήσομαι οὐδὲ φωνὴ τῆς πικρίας μου καταπατήσῃ ὑμᾶς
- 29 Tout konesans sa a se nan Bondye ki gen tout pouwva a li sot. Plan travay li se bèl bagay. Li bay bon konsèy, li gen anpil bon konprann.
This comes from the Lord of armies, purposing wonders, and wise in all his acts.
και ταῦτα παρὰ κυρίου σαβαωθ ἐξῆλθεν τὰ τέρατα βουλεύσαθε ὑψώσατε ματαίαν παράκλησιν
- 1 ¶ Mwen wè malè pou lotèl Bondye a, lavil Jerizalèm! Mwen wè malè pou lavil kote David te moute kan li an. Kite ennan, dezan konsa pase, kite tout fèt yo fin pase,
Ho! Ariel, Ariel, the town against which David made war; put year to year, let the feasts come round:
οὐαὶ πόλις ἀριηλ ἦν δαυιδ ἐπολέμησεν συναγάγετε γενήματα ἐνιαυτὸν ἐπ' ἐνιαυτὸν φάγεσθε γὰρ σὺν μοαβ

- 2 Seyè a pral voye yon sèl lafliksyon sou lotèl Bondye a. Moun pral rele, yo pral plenn. Lavi la pral tounen yon lotèl Bondye tout bon kote y'ap ofri bèt yo touye pou li.
And I will send trouble on Ariel, and there will be weeping and cries of grief; and she will be to me as Ariel.
ἐκθλίψω γὰρ αριηλ καὶ ἔσται αὐτῆς ἡ ἰσχὺς καὶ τὸ πλοῦτος ἐμοί
- 3 Bondye pral atake lavil la tankou David te fè l' la. Li pral sènen l' ak sòlda. L'ap fèmen l' toupatou.
And I will make war on you like David, and you will be shut in by earthworks, and I will make towers round you.
καὶ κυκλώσω ὡς δαυιδ ἐπὶ σὲ καὶ βαλῶ περὶ σὲ χάρακα καὶ θήσω περὶ σὲ πύργους
- 4 Lavi Jerizalèm pral tankou yon moun anba tè k'ap pale. Pousyè tè ap toufe pawòl nan bouch li. Antan li anba tè a, l'ap pale tankou yon zonbi ak yon vwa nan nen tou fèb!
And you will be made low, and your voice will come out of the earth, and your words will be low out of the dust; and your voice will come out of the earth like that of a spirit, making bird-like noises out of the dust.
καὶ ταπεινωθήσονται οἱ λόγοι σου εἰς τὴν γῆν καὶ εἰς τὴν γῆν οἱ λόγοι σου δύσονται καὶ ἔσται ὡς οἱ φωνοῦντες ἐκ τῆς γῆς ἢ φωνὴ σου καὶ πρὸς τὸ ἔδαφος ἢ φωνὴ σου ἀσθενήσει
- 5 Men, tout lènmi ou yo pral gaye tankou pousyè nan van. Tout kantite moun ki t'ap fè ou pase tray yo pral disparèt tankou pay van ap bwote. W'ap rete konsa,
And the army of your attackers will be like small dust, and all the cruel ones like dry stems gone before the wind; suddenly it will come about.
καὶ ἔσται ὡς κονιορτὸς ἀπὸ τροχοῦ ὁ πλοῦτος τῶν ἀσεβῶν καὶ ὡς χλοῦς φερόμενος καὶ ἔσται ὡς στιγμὴ παραχρήμα
- 6 Seyè ki gen tout pouwa a ap parèt sou ou, avèk gwo van loraj, tranblemanntè, ak yon pakèt gwo bri, avèk siklòn, van tanpèt ak gwo flanm dife k'ap boule.
The Lord of armies will come in with thunder and earth-shaking and great noise, with rushing wind and storm, and the flame of burning fire.
παρὰ κυρίου σαβαωθ ἐπισκοπὴ γὰρ ἔσται μετὰ βροντῆς καὶ σεισμοῦ καὶ φωνῆς μεγάλης καταγίγς φερομένη καὶ φλόξ πυρὸς κατεσθίουσα
- 7 Lè sa a, tout bann moun lòt nasyon yo ki t'ap fè lagè avèk lotèl Bondye a, tout gwo lame ki te anvayi peyi a, ki te sènen lavil la, ki t'ap toufounen l' kote l' te ye a, yo tout yo pral disparèt tankou yon move rèv ou t'ap fè, tankou yon vizyon w'ap fè nan mitan lannwit.
And all the nations making war on Ariel, and all those who are fighting against her and shutting her in with their towers, will be like a dream, like a vision of the night.
καὶ ἔσται ὡς ὁ ἐνυπνιαζόμενος ἐν ὕπνῳ ὁ πλοῦτος τῶν ἔθνῶν πάντων ὅσοι ἐπεστράτευσαν ἐπὶ αριηλ καὶ πάντες οἱ στρατευσάμενοι ἐπὶ ἱερουσαλημ καὶ πάντες οἱ συνηγμένοι ἐπ' αὐτὴν καὶ θλίβοντες αὐτήν
- 8 Wi, tout bann moun lòt nasyon yo ki t'ap fè lagè ak lavil Jerizalèm sou mòn Siyon an, y'ap tankou yon moun k'ap mouri grangou epi ki reve l'ap manje. Men, lè li leve, li grangou pi rèd. Osinon, tankou yon moun k'ap mouri swaf dlo, li reve l'ap bwè dlo. Men, lè li leve, li tou fèb, li swaf dlo pi rèd.
And it will be like a man desiring food, and dreaming that he is feasting; but when he is awake there is nothing in his mouth: or like a man in need of water, dreaming that he is drinking; but when he is awake he is feeble and his soul is full of desire: so will all the nations be which make war on Mount Zion.
καὶ ἔσονται ὡς οἱ ἐν ὕπνῳ πίνοντες καὶ ἔσθοντες καὶ ἐξαναστάντων μάταιον αὐτῶν τὸ ἐνύπνιον καὶ ὄν τρόπον ἐνυπνιάζεται ὁ διψῶν ὡς πίνων καὶ ἐξαναστὰς ἔτι διψᾷ ἢ δὲ ψυχὴ αὐτοῦ εἰς κενὸν ἤλπισεν οὕτως ἔσται ὁ πλοῦτος πάντων τῶν ἔθνῶν ὅσοι ἐπεστράτευσαν ἐπὶ τὸ ὄρος σιών
- 9 ¶ Nou pral sezi, nou pral rete bèbè! Fèmen je nou pou nou pa wè! Nou pral sou, san nou pa menm bwè. N'ap titibe san nou pa pran yon gout gwòg!
Be surprised and full of wonder; let your eyes be covered and be blind: be overcome, but not with wine; go with uncertain steps, but not because of strong drink.
ἐκλήθητε καὶ ἔκστητε καὶ κραιπαλήσατε οὐκ ἀπὸ σικερα οὐδὲ ἀπὸ οἴνου
- 10 Paske Seyè a fè nou anvi dòmi. Li fè je nou vin lou. Pwofèt yo, se je pèp la yo ye! Li kouvri tèt nou. Divinò yo, se tèt pèp la yo ye.
For the Lord has sent on you a spirit of deep sleep; and by him your eyes, the prophets, are shut, and your heads, the seers, are covered.
ὅτι πεπότικεν ὑμᾶς κύριος πνεύματι κατανύξεως καὶ καμύσει τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτῶν καὶ τῶν προφητῶν αὐτῶν καὶ τῶν ἀρχόντων αὐτῶν οἱ ὄρωντες τὰ κρυπτά
- 11 Nou pa ka konprann tou sa Bondye fè nou konnen la a. Y'ap tankou yon liv yo sele. Si nou pote l' bay yon moun ki konn li pou nou mande l' li l' pou nou, l'ap reponn nou li pa kapab, paske liv la sele.
And the vision of all this has become to you like the words of a book which is shut, which men give to one who has knowledge of writing, saying, Make clear to us what is in the book: and he says, I am not able to, for the book is shut:
καὶ ἔσονται ὑμῖν πάντα τὰ ῥήματα ταῦτα ὡς οἱ λόγοι τοῦ βιβλίου τοῦ ἐσφραγισμένου τούτου ὃ ἐὰν δῶσιν αὐτὸ ἀνθρώπῳ ἐπισταμένῳ γράμματα λέγοντες ἀνάγνωθι ταῦτα καὶ ἐρεῖ οὐ δύναμαι ἀναγνῶν καὶ ἐσφράγισται γάρ
- 12 Lè ou pote l' bay yon moun ki pa konn li pou ou mande l' li l' pou ou, l'ap reponn ou li pa konn li.
And they give it to one without learning, saying, Make clear to us what is in the book: and he says, I have no knowledge of writing.
καὶ δοθήσεται τὸ βιβλίον τούτου εἰς χεῖρας ἀνθρώπου μὴ ἐπισταμένου γράμματα καὶ ἐρεῖ αὐτῷ ἀνάγνωθι τούτο καὶ ἐρεῖ οὐκ ἐπίσταμαι γράμματα

- 13 Seyè a di: -Lè moun sa yo ap fè sèvis pou mwen, se pawòl nan bouch! Y'ap louvri bouch yo pou fè lwanj mwen, men lespri yo byen lwen. Si y'ap mache di yo gen krentif pou mwen, se pawòl granmoun lontan moutre yo y'ap repete lè konsa.
And the Lord said, because this people come near to me with their mouths, and give honour to me with their lips, but their heart is far from me, and their fear of me is false, a rule given them by the teaching of men;
καὶ εἶπεν κύριος ἐγγίξει μοι ὁ λαὸς οὗτος τοῖς χεῖλεσιν αὐτῶν τιμῶσίν με ἡ δὲ καρδία αὐτῶν πόρρω ἀπέχει ἀπ' ἐμοῦ μάτην δὲ σέβονται με διδάσκοντες ἐντάλματα ἀνθρώπων καὶ διδασκαλίας
- 14 Se poutèt sa, mwen pral fè yon lòt seri mènèy ak mirak devan je yo. Mwen pral detounen bon konprann moun save yo. Moun lespri yo ak tout konesans yo p'ap konprann anyen.
For this cause I will again do a strange thing among this people, a thing to be wondered at: and the wisdom of their wise men will come to nothing, and the sense of their guides will no longer be seen.
διὰ τοῦτο ἰδοὺ ἐγὼ προσθήσω τοῦ μεταθεῖναι τὸν λαὸν τοῦτον καὶ μεταθήσω αὐτοὺς καὶ ἀπολωθὴν σοφίαν τῶν σοφῶν καὶ τὴν σύνεσιν τῶν συνετῶν κρύψω
- 15 Madichon pou moun k'ap kache Seyè a sa yo gen lide fè! Y'ap fè plan yo an kachèt. Y'ap di pa gen moun ki wè yo. Pa gen moun k'ap konnen sa y'ap fè.
Cursed are those who go deep to keep their designs secret from the Lord, and whose works are in the dark, and who say, Who sees us? and who has knowledge of our acts?
οὐαὶ οἱ βαθέως βουλήν ποιοῦντες καὶ οὐ διὰ κυρίου οὐαὶ οἱ ἐν κρυφῇ βουλήν ποιοῦντες καὶ ἔσται ἐν σκότει τὰ ἔργα αὐτῶν καὶ ἐροῦσιν τίς ἡμᾶς ἑώρακεν καὶ τίς ἡμᾶς γνώσεται ἢ ἡμεῖς ποιοῦμεν
- 16 Nou vire tout bagay lanvè! Kilès ki pi konsekans, moun k'ap fè krich yo osinon tè wouj la? Eske bagay yon nonm fè ka di moun ki fè l' la se pa ou ki fè m'? Eske yon krich ka di moun ki fè l' la se moun sòt ou ye?
You are turning things upside down! Is the wet earth the same to you as the one who is forming it? will the thing made say of him who made it, He made me not: or the thing formed say of him who gave it form, He has no knowledge?
οὐχ ὡς ὁ πηλὸς τοῦ κεραμῆως λογισθήσεσθε μὴ ἐρεῖ τὸ πλάσμα τῷ πλάσαντι οὐ σύ με ἐπλασας ἡ τὸ ποίημα τῷ ποιήσαντι οὐ συνετῶς με ἐποίησας
- 17 ¶ Anvan nou bat je nou, rakbwa peyi Liban tounen jaden, jaden tounen rakbwa.
In a very short time Lebanon will become a fertile field, and the fertile field will seem like a wood.
οὐκέτι μικρὸν καὶ μετατεθήσεται ὁ λίβανος ὡς τὸ ὄρος τὸ χερμελ καὶ τὸ ὄρος τὸ χερμελ εἰς ὄρυμὸν λογισθήσεται
- 18 Jou sa a, moun soudè yo va tande pawòl y'ap li nan liv. Avèg yo ki t'ap viv nan fènwa va louvri je yo, y'a wè.
And in that day those whose ears are stopped will be hearing the words of the book; and the eyes of the blind will see through the mist and the dark.
καὶ ἀκούσονται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ κωφοὶ λόγους βιβλίου καὶ οἱ ἐν τῷ σκότει καὶ οἱ ἐν τῇ ὁμίγλῃ ὀφθαλμοὶ τυφλῶν βλέπονται
- 19 Seyè a va fè tipitit yo gen kè kontan ankò. Bondye pèp Izrayèl la, li menm ki yon Bondye apa, va fè malere yo danse tèlman y'a kontan.
And the poor will have their joy in the Lord increased, and those in need will be glad in the Holy One of Israel.
καὶ ἀγαλλιάσονται πτωχοὶ διὰ κύριον ἐν εὐφροσύνῃ καὶ οἱ ἀπληπισμένοι τῶν ἀνθρώπων ἐμπλησθήσονται εὐφροσύνης
- 20 Paske lwijanboje a pral jwenn ak bout li. Moun ki t'ap pase Bondye nan betiz la pral disparèt. Yo pral fini ak tout moun ki t'ap chache okazyon pou fè sa ki mal,
For the cruel one has come to nothing; and those who make sport of the Lord are gone; and those who are watching to do evil are cut off:
ἐξέλιπεν ἄνομος καὶ ἀπώλετο ὑπερήφανος καὶ ἐξωλεθρευθήσαν οἱ ἀνομοῦντες ἐπὶ κακίᾳ
- 21 moun k'ap fè inonsan peye pou koupab, moun k'ap antrave travay jij yo nan tribinal, moun k'ap bay manti pou moun serye pa jwenn jistis.
Who give help to a man in a wrong cause, and who put a net for the feet of him who gives decisions in the public place, taking away a man's right without cause.
καὶ οἱ ποιοῦντες ἀμαρτεῖν ἀνθρώπους ἐν λόγῳ πάντας δὲ τοὺς ἐλέγχοντας ἐν πύλαις πρόσκομμα θήσουσιν καὶ ἐπλαγίασαν ἐν ἀδίκοις δίκαιον
- 22 Se poutèt sa, koulye a, men sa Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki te delivre Abraram lan, di: Moun Jakòb yo p'ap janm wont ankò. Figi yo p'ap dekonpoze ankò.
For this reason the Lord, the saviour of Abraham, says about the family of Jacob, Jacob will not now be put to shame, or his face be clouded with fear.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἐπὶ τὸν οἶκον ἰακωβ ὃν ἀφώρισεν ἐξ αβρααμ οὐ νῦν αἰσχυνθήσεται ἰακωβ οὐδὲ νῦν τὸ πρόσωπον μεταβαλεῖ ἰσραηλ
- 23 Lè y'a wè pitit mwen menm m'ap ba yo nan kò kay yo, y'a rekonèt se yon Bondye apa mwen ye. Y'a rekonèt Bondye fanmi Jakòb la se yon Bondye apa. Y'a respekte m', y'a genyen m' krentif.
But when they, the children of Jacob, see the work of my hands among them, they will give honour to my name; yes, they will give honour to the Holy One of Jacob, and go in fear of the God of Israel.
ἀλλ' ὅταν ἴδωσιν τὰ τέκνα αὐτῶν τὰ ἔργα μου δι' ἐμὲ ἀγιάσουσιν τὸ ὄνομά μου καὶ ἀγιάσουσιν τὸν ἅγιον ἰακωβ καὶ τὸν θεὸν τοῦ ἰσραηλ φοβηθήσονται
- 24 Moun ki te pèdi tèt yo va rive gen bon konprann. Moun ki te toujou ap bougonnen yo va kontan aprann nan men mwen.
Those whose hearts were turned away from him will get knowledge, and those who made an outcry against him will give attention to his teaching.
καὶ γνώσονται οἱ τῷ πνεύματι πλανώμενοι σύνεσιν οἱ δὲ γογγύζοντες μαθήσονται ὑπακούειν καὶ αἱ γλώσσαι αἱ ψελλίζουσαι μαθήσονται λαλεῖν εἰρήνην

- 1 ¶ Men sa Seyè a di: -Madichon pou pitit mwen yo k'ap fè tèt di ak mwen! Nan tou sa y'ap fè, se pwòp lide yo y'ap swiv, se pa lide pa m'. Y'ap siyen lòt kontra, atout mwen di yo non. Y'ap fè peche sou peche.
Ho! uncontrolled children, says the Lord, who give effect to a purpose which is not mine, and who make an agreement, but not by my spirit, increasing their sin:
οὐαὶ τέκνα ἀποστάται τάδε λέγει κύριος ἐποιήσατε βουλὴν οὐ δι' ἐμοῦ καὶ συνθήκας οὐ διὰ τοῦ πνεύματός μου προσθεῖναι ἀμαρτίας ἐφ' ἀμαρτίας
- 2 Yo desann al nan peyi Lejip san yo pa mande m' konsèy. Y' al mande farawon an pou l' pwoteje yo, y' al mete kò yo anba zèl peyi Lejip.
Who make a move to go down into Egypt, without authority from me; who are looking to the strength of Pharaoh for help, and whose hope is in the shade of Egypt.
οἱ πορευόμενοι καταβῆναι εἰς αἴγυπτον ἐμὲ δὲ οὐκ ἐπηρώτησαν τοῦ βοηθηθῆναι ὑπὸ φαραῶ καὶ σκεπασθῆναι ὑπὸ αἰγυπτίων
- 3 Men, farawon an p'ap ka fè anyen pou nou. Pwoteksyon peyi Lejip la ap tounen yon wont pou nou.
And the strength of Pharaoh will be your shame, and your hope in the shade of Egypt will come to nothing.
ἔσται γὰρ ὑμῖν ἡ σκέπη φαραῶ εἰς αἰσχύνην καὶ τοῖς πεποιθόσιν ἐπ' αἴγυπτον ὄνειδος
- 4 Malgre delege yo gen tan rive lavil Zoan ak lavil Anès,
For his chiefs are at Zoan, and his representatives have come to Hanes.
ὅτι εἰσὶν ἐν τάνει ἀρχηγοὶ ἄγγελοι πονηροὶ μάτην κοπιᾶσουσιν
- 5 pèp Jida a pral règrèt yo te janm mete konfyans yo nan yon pèp ki pa ka fè anyen pou yo, yon nasyon ki pa ka ni ede yo ni pote yo sekou, yon nasyon k'ap fè yo wont, yon nasyon k'ap ba yo desepsyon.
For they have all come with offerings to a people of no use to them, in whom is no help or profit, but only shame and a bad name.
πρὸς λαὸν ὃς οὐκ ὠφελήσει αὐτοὺς οὔτε εἰς βοήθειαν οὔτε εἰς ὠφέλειαν ἀλλὰ εἰς αἰσχύνην καὶ ὄνειδος
- 6 Men yon mesaj Bondye bay sou bèt nan dezè Negè yo: -Delege yo ap vwayaje nan yon peyi ki gen anpil danje, kote lyon ak manman lyon rete, kote gen move sèpan ak dragon azèl. Yo chaje bourik yo ak chamo yo avèk kado pou yon nasyon ki pa ka fè anyen pou yo.
The word about the Beasts of the South. Through the land of trouble and grief, the land of the she-lion and the voice of the lion, of the snake and the burning winged snake, they take their wealth on the backs of young asses, and their stores on camels, to a people in whom is no profit.
ἡ ὄρασις τῶν τετραπόδων τῶν ἐν τῇ ἐρήμῳ ἐν τῇ θλίψει καὶ τῇ στενοχωρίᾳ λέων καὶ σκύμνος λέοντος ἐκεῖθεν καὶ ἀσπίδες καὶ ἔκγονα ἀσπίδων πετομένων οἱ ἔφερον ἐπ' ὄνων καὶ καμηλῶν τὸν πλοῦτον αὐτῶν πρὸς ἔθνος ὃ οὐκ ὠφελήσει αὐτοὺς εἰς βοήθειαν ἀλλὰ εἰς αἰσχύνην καὶ ὄνειδος
- 7 Paske konkou Lejip ap ba yo a p'ap sèvi yo anyen, paske li pa vo anyen, se poutèt sa mwen bay peyi a yon ti non. Mwen rele l': Dragon dan kase a.
For there is no use or purpose in the help of Egypt: so I have said about her, She is Rahab, who has come to an end.
αἰγύπτιοι μάταια καὶ κενὰ ὠφελήσουσιν ὑμᾶς ἀπάγγελον αὐτοῖς ὅτι ματαῖα ἡ παράκλησις ὑμῶν αὕτη
- 8 ¶ Seyè a di m': -Koulye a al ekri sa moun sa yo ye a sou yon adwaz. Ekri l' nan yon woulo liv, pou sa ka toujou sèvi m' temwen kont yo pou tout tan tout tan.
Now go, put it in writing before them on a board, and make a record of it in a book, so that it may be for the future, a witness for all time to come.
νῦν οὖν καθίσας γράψον ἐπὶ πύξϊον ταῦτα καὶ εἰς βιβλίον ὅτι ἔσται εἰς ἡμέρας καιρῶν ταῦτα καὶ ἕως εἰς τὸν αἰῶνα
- 9 Yo toujou ap fè tèt di ak Bondye. Se yon bann pitit ki toujou ap bay manti, ki pa vle koute lòd Bondye, Seyè a.
For they are an uncontrolled people, false-hearted, who will not give ear to the teaching of the Lord:
ὅτι λαὸς ἀπειθής ἐστὶν υἱοὶ ψευδεῖς οἱ οὐκ ἠβούλοντο ἀκοῦειν τὸν νόμον τοῦ θεοῦ
- 10 Y'ap di divinò yo: Pa di nou vizyon nou fè yo. Y'ap di pwofèt yo: Pa fè nou konnen sa nou dwe fè. Di nou bèl pawòl dous k'ap fè nou plezi. Kite nou ak sa nou kwè a.
Who say to the seers, See not; and to the prophets, Do not give us word of what is true, but say false things to give us pleasure:
οἱ λέγοντες τοῖς προφήταις μὴ ἀναγγέλλετε ἡμῖν καὶ τοῖς τὰ ὄραματα ὀρώσιν μὴ λαλεῖτε ἡμῖν ἀλλὰ ἡμῖν λαλεῖτε καὶ ἀναγγέλλετε ἡμῖν ἑτέραν πλάνησιν
- 11 Wete kò nou sou bon wout la! Fè sou kote! Pa vin pale nou sou Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
Get out of the good way, turning from the right road; do not keep the Holy One of Israel before our minds.
καὶ ἀποστρέψατε ἡμᾶς ἀπὸ τῆς ὁδοῦ ταύτης ἀφέλετε ἀφ' ἡμῶν τὸν τρίβον τοῦτον καὶ ἀφέλετε ἀφ' ἡμῶν τὸν ἅγιον τοῦ ἰσραηλ
- 12 Se poutèt sa, men sa Bondye pèp Izrayèl la, Bondye apa a, ap di: Nou pa vle koute avètisman m'ap ban nou an. Nou pito met konfyans nou nan moun k'ap fè mehanste, nan moun k'ap fè bagay sou kote. Se sou yo nou apriye.
For this cause the Holy One of Israel says, Because you will not give ear to this word, and are looking for help in ways of deceit and evil, and are putting your hope in them:
διὰ τοῦτο οὕτως λέγει κύριος ὁ ἅγιος τοῦ ἰσραηλ ὅτι ἠπειθήσατε τοῖς λόγοις τούτοις καὶ ἠλπίσατε ἐπὶ ψεύδει καὶ ὅτι ἐγόγγυσας καὶ πεποιθώς ἐγένου ἐπὶ τῷ λόγῳ τούτῳ

- 13 Enben, se nou ki va pote chay la. Nou tankou yon miray ki make fann, tankou yon gwo miray byen wo ki gen yon pati ladan l' k'ap souke, ki gonfle prèt pou tonbe. N'ap rete konsa, n'ap tonbe anvan nou bat je nou.
This sin will be to you like a crack in a high wall, causing its fall suddenly and in a minute.
διὰ τοῦτο ἔσται ἡμῖν ἡ ἁμαρτία αὕτη ὡς τεῖχος πῖπτον παραρρήμα πόλεως ὄχυρᾶς ἐαλωκυίας ἧς παραρρήμα πάρεστιν τὸ πτώμα
- 14 N'ap tonbe an miyèt moso tankou kannari kraze. P'ap menm gen yon moso ki ka sèvi pou ranmase chabon dife osinon pou al chache dlo nan sous.
And he will let it be broken as a potter's vessel is broken: it will be smashed to bits without mercy; so that there will not be a bit in which one may take fire from the fireplace, or water from the spring.
καὶ τὸ πτώμα αὐτῆς ἔσται ὡς σύντριμμα ἀγγείου ὄστρακίνου ἐκ κεραμίου λεπτὰ ὥστε μὴ εὑρεῖν ἐν αὐτοῖς ὄστρακον ἐν ᾧ πῦρ ἀρεῖς καὶ ἐν ᾧ ἀποσυριεῖς ὕδωρ μικρὸν
- 15 Men, Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki yon Bondye apa, te di pèp la: Tounen vin jwenn mwen, lèfini ret trankil, n'a delivre. Ret dousman, met konfyans nou nan mwen. Se sa ki tout fòs nou. Men, nou pa t' vle.
For the Lord, the Holy One of Israel, said, In quiet and rest is your salvation: peace and hope are your strength: but you would not have it so.
οὕτω λέγει κύριος ὁ ἅγιος τοῦ Ἰσραηλ ὅταν ἀποστραφεῖς στενάξεις τότε σωθήσῃ καὶ γνώσῃ τοῦ ἦσθα ὅτε ἐπεποιθεῖς ἐπὶ τοῖς ματαίοις ματαία ἢ ἰσχύς ὡμῶν ἐγενήθη καὶ οὐκ ἠβούλεσθε ἀκοῦειν
- 16 Men nou te pito di: Ann moute chwal nou kouri ale. Enben, ale! Ale non! Sove kò nou! Nou te pito di: n'a moute sou chwal ki konn kouri. Men tou, sa k'ap kouri dèyè nou yo pral kouri pi vit pase nou!
Saying, No, for we will go in flight on horses; so you will certainly go in flight: and, We will go on the backs of quick-running beasts; so those who go after you will be quick-footed.
ἀλλ' εἶπατε ἐφ' ἵππων φευξόμεθα διὰ τοῦτο φευξέσθε καὶ εἶπατε ἐπὶ κούφοις ἀναβάται ἐσόμεθα διὰ τοῦτο κούφοι ἔσονται οἱ διώκοντες ἡμᾶς
- 17 Lè n'a wè yon sèl moun nan lènmi yo, mil nan nou pral kraze rak. Lè n'a wè senk menm, se nou tout k'ap kouri met deyò. Sèl bagay k'ap rete nan lame nou an, se va drapo n'a kite kanpe sou tèt ti mòn lan.
A thousand will go in fear before one; even before five you will go in flight: till you are like a pillar by itself on the top of a mountain, and like a flag on a hill.
διὰ φωνὴν ἑνὸς φεύζονται χίλιοι καὶ διὰ φωνὴν πέντε φεύζονται πολλοὶ ἕως ἂν καταλειφθῆτε ὡς ἰστός ἐπ' ὄρους καὶ ὡς σημαίαν φέρον ἐπὶ βουνοῦ
- 18 ¶ Men, Seyè a ap tann lè pou l' fè nou gras. Li tou pare pou l' gen pitye pou nou, paske Seyè a, se yon Bondye k'ap toujou fè sa ki byen! benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan li.
For this cause the Lord will be waiting, so that he may be kind to you; and he will be lifted up, so that he may have mercy on you; for the Lord is a God of righteousness: there is a blessing on all whose hope is in him.
καὶ πάλιν μενεῖ ὁ θεὸς τοῦ οἰκτιρῆσαι ἡμᾶς καὶ διὰ τοῦτο ὑψωθήσεται τοῦ ἐλεῆσαι ἡμᾶς διότι κριτῆς κύριος ὁ θεὸς ἡμῶν ἔστιν καὶ τοῦ καταλείπετε τὴν δόξαν ὡμῶν μακάριοι οἱ ἐμμένοντες ἐν αὐτῷ
- 19 Nou menm ki rete lavil Jerizalèm sou mòn Siyon an, nou p'ap kriye ankò. Rele n'a rele l', l'a fè nou gras. Tande l'a tande nou, l'ap reponn nou.
O people, living in Zion, at Jerusalem, your weeping will be ended; he will certainly have mercy on you at the sound of your cry; when it comes to his ear, he will give you an answer.
διότι λαὸς ἅγιος ἐν σιων οἰκήσει καὶ ἱερουσαλὴμ κλαυθμῷ ἔκλαυσεν ἐλέησόν με ἐλεήσει σε τὴν φωνὴν τῆς κραυγῆς σου ἠνίκα εἶδεν ἐπήκουσέν σου
- 20 Bondye va fè nou manje kont mizè nou, l'a fè nou pase kont tray nou, men l'ap la pou l' moutre nou sa pou l' moutre nou an. N'ap wè l' ak de grenn je nou, nou p'ap bezwen al chache l' ankò.
And though the Lord will give you the bread of trouble and the water of grief, you will no longer put your teacher on one side, but you will see your teacher:
καὶ δώσει κύριος ἡμῖν ἄρτον θλίψεως καὶ ὕδωρ στενῶν καὶ οὐκέτι μὴ ἐγγίσοσίν σοι οἱ πλανώντές σε ὅτι οἱ ὀφθαλμοὶ σου ὄψονται τοὺς πλανώντάς σε
- 21 Si nou chankre sou bò dwat osinon sou bò gòch, n'a tande yon vwa nan do nou k'ap di nou: Men bon chemen an bò isit. Se la a pou ou pase!
And at your back, when you are turning to the right hand or to the left, a voice will be sounding in your ears, saying, This is the way in which you are to go.
καὶ τὰ ὠτά σου ἀκούσονται τοὺς λόγους τῶν ὀπίσω σε πλανησάντων οἱ λέγοντες αὕτη ἡ ὁδὸς πορευθῶμεν ἐν αὐτῇ εἴτε δεξιὰ εἴτε ἀριστερά
- 22 N'a pran estati zidòl nou yo ki kouvri ak ajan ansanm ak lò sou tout kò yo pou bagay k'ap mete nou nan kondisyon pou nou pa ka sèvi Bondye, n'ap voye yo jete tankou vye bagay sal, n'a di yo: Soti devan je nou!
And you will make unclean what is covering your pictured images of silver, and the plating of your images of gold: you will send them away as an unclean thing, saying, Be gone!
καὶ ἐξαρεῖς τὰ εἰδῶλα τὰ περιηργυρωμένα καὶ τὰ περιεχρυσωμένα λεπτὰ ποιήσεις καὶ λικημῆσεις ὡς ὕδωρ ἀποκαθημένης καὶ ὡς κόπρον ὥσεις αὐτά
- 23 Lè n'a plante grenn nan jaden nou, Bondye va voye lapli pou l' fè yo pouse. L'a fè tè a bay manje k'ap bon nan bouch nou, manje k'ap ban nou fòs. N'a gen kont kote pou nou mennen bèt nou yo al manje.
And he will give rain for your seed, so that you may put it in the earth; and you will have bread from the produce of the earth, good and more than enough for your needs: in that day the cattle will get their food in wide grass-lands.
τότε ἔσται ὁ ἕτερος τῷ σπέρματι τῆς γῆς σου καὶ ὁ ἄρτος τοῦ γενήματος τῆς γῆς σου ἔσται πλησμονὴ καὶ λιπαρός καὶ βοσκηθήσεται σου τὰ κτήνη τῆ ἡμέρα ἐκείνη τόπον πίονα καὶ εὐρύχωρον
- 24 Towo bèf ak bourik k'ap sèvi pou travay tè nou va jwenn bon manje pou yo manje, bon zèb sale y'a vannan epi y'a ranmase ak fouch mete nan depo.
And the oxen and the young asses which are used for ploughing, will have salted grain which has been made free from the waste with fork and basket.
οἱ ταῦροι ὡμῶν καὶ οἱ βόες οἱ ἐργαζόμενοι τὴν γῆν φάγονται ἄχυρα ἀναπεποιημένα ἐν κριθῇ λελικμημένα

- 25 Jou y'a kraze fò lènmi nou yo, jou y'a masakre tout lènmi nou yo, sous dlo pral pete nan tout gwo mòn, nan tout ti mòn koule desann.
And there will be rivers and streams of water on every tall mountain and on every high hill, in the day when great numbers are put to the sword, when the towers come down.
καὶ ἔσται ἐπὶ παντὸς ὄρους ὑψηλοῦ καὶ ἐπὶ παντὸς βουνοῦ μετεώρου ὕδωρ διαπορευόμενον ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκεῖνῃ ὅταν ἀπόλωνται πολλοὶ καὶ ὅταν πέσωσιν πύργοι
- 26 Jou Seyè a pral mete renmèd sou kote ki te blese nan pèp la, jou l'ap geri tout kote pèp la te blese a, lalin pral klere tankou solèy, limyè solèy la menm pral sèt fwa pi klere, ou ta di limyè sèt jou mete ansanm. Wi, tou sa pral rive jou Seyè a.
And the light of the moon will be as the light of the sun, and the light of the sun will be seven times greater, as the light of seven days, in the day when the Lord puts oil on the wounds of his people, and makes them well from the blows they have undergone.
καὶ ἔσται τὸ φῶς τῆς σελήνης ὡς τὸ φῶς τοῦ ἡλίου καὶ τὸ φῶς τοῦ ἡλίου ἔσται ἑπταπλάσιον ἐν τῇ ἡμέρᾳ ὅταν ἰάσῃται κύριος τὸ σύντριμμα τοῦ λαοῦ αὐτοῦ καὶ τὴν ὀδύνην τῆς πληγῆς σου ἰάσεται
- 27 ¶ Pouvwa Bondye a pral vin soti byen lwen. Dife ak lafimen ap fè wè jan li move. L'ap fè kòlè, pawòl li yo tankou boukan dife nan raje.
See, the name of the Lord is coming from far, burning with his wrath, with thick smoke going up: his lips are full of passion, and his tongue is like a burning fire:
ἰδοὺ τὸ ὄνομα κυρίου διὰ χρόνον ἔρχεται πολλοῦ καιόμενος ὁ θυμὸς μετὰ δόξης τὸ λόγιον τῶν χειλέων αὐτοῦ τὸ λόγιον ὀργῆς πλήρες καὶ ἡ ὀργὴ τοῦ θυμοῦ ὡς πῦρ ἔδεται
- 28 Li fè van souffle, ou ta di yon ravin k'ap desann, dlo li rive rabo. L'ap boulvèse nasyon yo jouk li detwi yo, l'ap detounen tout move lide yo te gen nan tèt yo.
And his breath is as an overflowing stream, coming up even to the neck, shaking the nations for their destruction, like the shaking of grain in a basket: and he will put a cord in the mouths of the people, turning them out of their way.
καὶ τὸ πνεῦμα αὐτοῦ ὡς ὕδωρ ἐν φάραγγι σῦρον ἦξει ἕως τοῦ τραχήλου καὶ διαιρεθήσεται τοῦ ἔθνη τὰράξει ἐπὶ πλανήσει ματαία καὶ διώζεται αὐτοὺς πλάνησις καὶ λήμψεται αὐτοὺς κατὰ πρόσωπον αὐτῶν
- 29 Men, nou menm pèp Bondye a, nou pral chante, nou pral fè fèt tankou nou fè l' lavèy jou fèt nou. Nou pral kontan tankou moun k'ap jwe fif lè yo sou wout pou ale sou mòn Seyè a, Bondye k'ap defann pèp Izrayèl la.
You will have a song, as in the night when a holy feast is kept; and you will be glad in heart, as when they go with music of the pipe to the mountain of the Lord, the Rock of Israel.
μὴ διὰ παντὸς δεῖ ὑμᾶς εὐφραίνεσθαι καὶ εἰσπορεύεσθαι εἰς τὰ ἁγία μου διὰ παντὸς ὥσει ἐορτάζοντας καὶ ὥσει εὐφρανόμενους εἰσελθεῖν μετὰ αὐλοῦ εἰς τὸ ὄρος τοῦ κυρίου πρὸς τὸν θεὸν τοῦ Ἰσραὴλ
- 30 Seyè a pral fè tout moun tande fòs vwa li, li pral fè yo santi fòs ponnyèt li lè li move. Lè sa a, va gen flann dife, van siklòn, gwo tanpèt, lapli ak tanpèt lagrèl.
And the Lord will send out the sound of his great voice, and they will see his arm stretched out, with the heat of his wrath, and the flame of a burning fire; with a cloud-burst, and storm, and a rain of ice.
καὶ ἀκουστήν ποιήσει ὁ θεὸς τὴν δόξαν τῆς φωνῆς αὐτοῦ καὶ τὸν θυμὸν τοῦ βραχίονος αὐτοῦ δεῖξει μετὰ θυμοῦ καὶ ὀργῆς καὶ φλογὸς κατεσθιούσης κεραυνώσει βιαίως καὶ ὡς ὕδωρ καὶ χάλαζα συγκυ αταφερομένη βίᾳ
- 31 Moun peyi Lasiri yo pral tranble lè y'a tande vwa Seyè a k'ap ba yo baton.
For through the voice of the Lord the Assyrian will be broken, and the Lord's rod will be lifted up against him.
διὰ γὰρ φωνῆν κυρίου ἠττηθήσονται ἀσσύριοι τῇ πληγῇ ἣ ἂν πατάξῃ αὐτούς
- 32 Chak fwa Seyè a va ba yo yon kout baton pou l' pini yo, y'a tande son tanbou ak son gita k'ap jwe nan peyi Izrayèl. Se Seyè a menm ki pral goumen ak moun Lasiri yo.
And every blow of the rod of his punishment, which the Lord will send on him, will be with the sound of music: and with the waving of his sword the Lord will make war against him.
καὶ ἔσται αὐτῷ κυκλόθεν ὄθεν ἦν αὐτῷ ἡ ἐλπίς τῆς βοήθειας ἐφ' ἣ αὐτὸς ἐπεποιθεῖ αὐτοὶ μετὰ αὐλῶν καὶ κιθάρας πολεμήσουσιν αὐτὸν ἐκ μεταβολῆς
- 33 Depi lontan yo te pare yon gwo twou pou dife boukan an. Se ladan l' yo pral boule wa a. Yo fè twou a byen fon, byen laj. Yo plen l' bwa. Seyè a pral souffle yon flann dife melanje ak souf sou li pou boule l'.
For a place of fire has long been ready; yes, it has been made ready for the king; he has made it deep and wide: it is massed with fire and much wood; the breath of the Lord, like a stream of fire, puts a light to it.
σὺ γὰρ πρὸ ἡμερῶν ἀπαιτηθήσῃ μὴ καὶ σοὶ ἡτοιμάσθῃ βασιλεύειν φάραγγα βαθειαν ζύλα κείμενα πῦρ καὶ ζύλα πολλὰ ὁ θυμὸς κυρίου ὡς φάραγξ ὑπὸ θεοῦ καιομένη
- 1 ¶ Madichon pou moun k'ap desann peyi Lejip al chache sekou! Yo mete konfyans yo nan chwal, nan kantite cha lagè, nan fòs sòlda kavalye. Yo pa dòmi reve Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa. Yo pa chache pwoteksyon bò Seyè a.
Cursed are those who go down to Egypt for help, and who put their faith in horses; looking to war-carriages for salvation, because of their numbers; and to horsemen, because they are very strong; but they are not looking to the Holy One of Israel, or turning their hearts to the Lord;
οὐαὶ οἱ καταβαίνοντες εἰς αἴγυπτον ἐπὶ βοήθειαν οἱ ἐφ' ἵπποις πεποιθότες καὶ ἐφ' ἄρμασιν ἔστιν γὰρ πολλὰ καὶ ἐφ' ἵπποις πλῆθος σφόδρα καὶ οὐκ ἦσαν πεποιθότες ἐπὶ τὸν ἅγιον τοῦ Ἰσραὴλ καὶ τὸν θεὸν ὃν οὐκ ἐξεζήτησαν
- 2 Men tou, Seyè a konn sa l'ap fè. L'ap voye malè sou mechan yo, li p'ap chanje pawòl. L'ap pini mechan yo ansanm ak moun k'ap pwoteje mechan yo.
Though he is wise, and able to send evil, and his purpose will not be changed; but he will go against the house of the evil-doers, and against those to whom they are looking for help.
καὶ αὐτὸς σοφὸς ἦγεν ἐπ' αὐτοὺς κακά καὶ ὁ λόγος αὐτοῦ οὐ μὴ ἀθετηθῆ καὶ ἐπαναστήσεται ἐπ' οἴκους ἀνθρώπων πονηρῶν καὶ ἐπὶ τὴν ἐλπίδα αὐτῶν τὴν ματαίαν

- 3 Moun Lejip yo, se moun yo ye, yo pa bondye. Chwal yo tankou tout chwal. Se pa chwal Bondye voye! Seyè a pral lonje men l', moun k'ap bay pwoteksyon an ap bite, moun k'ap chache pwoteksyon an ap tonbe. Y'ap mouri ansanm!
For the Egyptians are men, and not God; and their horses are flesh, and not spirit: and when the Lord's hand is stretched out, the helper and he who is helped will come down together.
αιγυπτιον ανθρωπον και ου θεον ιππων σαρκα και ουκ εστιν βοηθεια ο δε κυριος επαξει την χειρα αυτου επ' αυτους και κοπιαουσιν οι βοηθουντες και αμα παντες απολουνται
- 4 Men sa Seyè a di m' ankò: -Menm jan yon gwo lyon osinon yon ti lyon ap gwonde lè li fin pran yon bèt, tout gadò yo te mèt mete ansanm pou goumen ak li, yo te mèt rele, sa p'ap fè l' pè, yo te mèt anpil, sa p'ap kraponnen l', konsa tou, Seyè ki gen tout pouvwa a pral desann pou l' pran defans mòn Siyon an ak ti mòn ki pou li a.
For the Lord has said to me, As a lion, or a young lion, makes an angry noise over his food, and if a band of herdsmen come out against him, he will not be in fear of their voices, or give up his food for their noise: so the Lord of armies will come down to make war against Mount Zion and its hill.
οτι ουτως ειπεν μοι κυριος ον τροπον εν βοηση ο λεων η ο σκυμνος επι τη θηρα η ελαβεν και κεκραζει επ' αυτη εως αν εμπλησθη τα ορη της φωνης αυτου και ηττηθησαν και το πληθος του θυμου επ τοηθησαν ουτως καταβησεται κυριος σαβαωθ επιστρατευσαι επι το ορος το σιων επι τα ορη αυτης
- 5 Menm jan zwezo louvri zèl li anwo nich li pou pwoteje pitit li, konsa tou Seyè ki gen tout pouvwa a pral louvri zèl li pwoteje lavil Jerizalèm. L'ap pwoteje l', l'ap delivre l', l'ap pran defans li, l'ap sove l'.
Like birds with outstretched wings, so will the Lord of armies be a cover to Jerusalem; he will be a cover and salvation for it, going over it he will keep it from danger.
ως ορνεα πετόμενα ουτως υπερασπιει κυριος υπερ ιερουσαλημ και εξελειται και περιποιησεται και σωσει
- 6 ¶ Nou menm pèp Izrayèl, nou te vire do ban mwen, nou te kenbe tèt ak mwen anpil. Koulye a, tounen vin jwenn mwen!
Come back to him who has been so deeply sinned against by the children of Israel.
επιστραφητε οι την βαθειαν βουλην βουλευόμενοι και ανομον
- 7 Jou sa a, n'a voye jete tout bann vye zidòl nou te fè an ajan ak an lò ak men plen san nou yo.
For in that day they will all give up their images of silver and of gold, the sin which they made for themselves.
οτι τη ημερα εκεινη απαρησονται οι ανθρωποι τα χειροποίητα αυτων τα αργυρα και τα χρυσα η εποίησαν αι χειρες αυτων
- 8 Lagè pral fini ak peyi Lasiri, men se pa moun ki pral fè lagè avè l'. Lè batay la, li pral kouri met deyò, men y'ap pran tout jenn gason l' yo fè yo tounen esklav.
Then the Assyrian will come down by the sword, but not of man; the sword, not of men, will be the cause of his destruction: and he will go in flight from the sword, and his young men will be put to forced work.
και πεσειται ασσυρ ου μαχαιρα ανδρος ουδε μαχαιρα ανθρωπου καταφάγεται αυτον και φευζεται ουκ απο προσώπου μαχαιρας οι δε νεανίσκοι εσονται εις ηττημα
- 9 Wa a menm pral kouri met deyò sitèlman l'ap pè. Yon sèl latranblad pral pran chèf lagè li yo, y'ap lage drapo yo atè kouri ale. Seyè a pale, se pou li dife k'ap boule sou mòn Siyon an, se pou li gwo boukan ki nan lavil Jerizalèm lan.
And his rock will come to nothing because of fear, and his chiefs will go in flight from the flag, says the Lord, whose fire is in Zion, and his altar in Jerusalem.
πέτρα γαρ περιλημφθήσονται ως χάρακι και ηττηθήσονται ο δε φεύγων αλώσεται τάδε λέγει κυριος μακάριος ος εχει εν σιων σπέρμα και οικειους εν ιερουσαλημ
- 1 ¶ Yon jou, va gen yon wa k'ap gouvènen peyi a san patipri. Chèf yo va dirije peyi a jan sa dwe fèt.
See, a king will be ruling in righteousness, and chiefs will give right decisions.
ιδου γαρ βασιλευς δικαιος βασιλεύσει και αρχοντες μετα κρίσεως αρξουσιν
- 2 Yo chak pral tankou kote moun al kache pou move van, tankou kote moun al kache pou van tanpèt. Y'ap tankou yon sous dlo k'ap koule nan dezè, tankou yon kokenn wòch k'ap bay lonbray kote ki pa gen dlo.
And a man will be as a safe place from the wind, and a cover from the storm; as rivers of water in a dry place, as the shade of a great rock in a waste land.
και εσται ο ανθρωπος κρύπτων τους λόγους αυτου και κρυβησεται ως αφ' υδατος φερομένου και φανησεται εν σιων ως ποταμος φερόμενος ενδοξος εν γη διψωση
- 3 Je tout moun va louvri pou yo wè sa k'ap pase. Zòrèy tout moun va louvri pou yo konnen sa k'ap fèt nan peyi a.
And the eyes of those who see will not be shut, and those who have hearing will give ear to the word.
και ουκέτι εσονται πεποιθότες επ' ανθρωποις αλλα τα οτα δώσουσιν ακουειν
- 4 Moun kè cho yo va pran san yo pou yo konprann anvan yo aji. Moun bege yo pral pale byen klè pou tout moun konprann.
The man of sudden impulses will become wise in heart, and he whose tongue is slow will get the power of talking clearly.
και η καρδια των ασθενούντων προσέξει του ακουειν και αι γλωσσαι αι ψελλίζουσαι ταχυ μαθήσονται λαλειν ειρήνην
- 5 P'ap gen moun k'ap asepte pran moun sòt pou moun debyen, ni bakoulou pou bon moun.
The foolish man will no longer be named noble, and they will not say of the false man that he is a man of honour.
και ουκέτι μη ειπωσιν τω μορφω αρχειν και ουκέτι μη ειπωσιν οι υπηρέται σου σιγα

- 6 Moun sòt yo ap plede di yon bann vye koze san sans. Y'ap fè move lide nan tèt yo. Konsa, y'ap fè bagay Bondye pa vle moun fè, y'ap bay manti sou Bondye. Yo p'ap janm bay moun ki grangou yon ti manje, yo p'ap janm bay moun ki swaf dlo yon ti gout dlo pou yo bwè.
For the foolish man will say foolish things, having evil thoughts in his heart, working what is unclean, and talking falsely about the Lord, to keep food from him who is in need of it, and water from him whose soul is desiring it.
ὁ γὰρ μωρὸς μωρὰ λαλήσει καὶ ἡ καρδία αὐτοῦ μάταια νοήσει τοῦ συντελεῖν ἄνομα καὶ λαλεῖν πρὸς κύριον πλάνησιν τοῦ διασπεῖραι ψυχῆς πεινώσας καὶ τὰς ψυχὰς τὰς διψώσας κενὰς ποιῆσαι
- 7 Bakoulou, se koken k'ap fè mehanste. L'ap fè move plan nan tèt li pou l' woule pòn malere yo anba manti, pou l' enpoze endijan yo jwenn jistis.
The designs of the false are evil, purposing the destruction of the poor man by false words, even when he is in the right.
ἡ γὰρ βουλὴ τῶν πονηρῶν ἄνομα βουλεύεται καταφθεῖραι ταπεινούς ἐν λόγοις ἀδίκους καὶ διασκεδάσαι λόγους ταπεινῶν ἐν κρίσει
- 8 Men, bon moun, se toujou sa ki byen l'ap chache fè, li p'ap janm fè anyen ki pa sa.
But the noble-hearted man has noble purposes, and by these he will be guided.
οἱ δὲ εὐσεβεῖς συνετὰ ἐβουλεύσαντο καὶ αὕτη ἡ βουλὴ μενεῖ
- 9 ¶ Nou menm medam k'ap viv alèz yo, leve non. Koute sa m'ap di! Nou menm medam ki san pwoblèm yo, louvri zòrèy nou tandè sa m'ap di:
Give ear to my voice, you women who are living in comfort; give attention to my words, you daughters who have no fear of danger.
γυναῖκες πλούσιαι ἀνάστητε καὶ ἀκούσατε τῆς φωνῆς μου θυγατέρες ἐν ἐλπίδι ἀκούσατε τοὺς λόγους μου
- 10 Bann paresèz, nan ennan ankò, nou pral nan kont traka nou, paske p'ap gen rezen pou nou keyi, p'ap gen rekòt rezen k'ap fèt.
In not much more than a year, you, who are not looking for evil, will be troubled: for the produce of the vine-gardens will be cut off, and there will be no getting in of the grapes.
ἡμέρας ἐνιαυτοῦ μνεῖαν ποιήσασθε ἐν ὀδύνῃ μετ' ἐλπίδος ἀνήλωται ὁ τρύγητος πέπαιται ὁ σπόρος καὶ οὐκέτι μὴ ἔλθῃ
- 11 Bann byennerèz, nou pral nan ka! Bann paresèz, nou pral tranble! Wete rad sou nou, rete toutouni, mare ren nou ak ranyon.
Be shaking with fear, you women who are living in comfort; be troubled, you who have no fear of danger: take off your robes and put on clothing of grief.
ἔκστητε λυπήθητε αἱ πεποιθυῖαι ἐκδύσασθε γυμναὶ γένεσθε περιζώσασθε σάκκους τὰς ὀσφύας
- 12 paske nou pral nan lapenn lè n'a chonje bèl jaden ak bèl grap rezen nou yo, lè n'a wè se pikan ak raje k'ap pouse nan tout jaden pèp mwen an.
Have sorrow for the fields, the pleasing fields, the fertile vine;
καὶ ἐπὶ τῶν μαστῶν κόπτεσθε ἀπὸ ἀγροῦ ἐπιθυμήματος καὶ ἀμπέλου γενήματος
- 13 Nou pral kriye lè n'a chonje tout kay kote moun yo te konn gen kè kontan nan lavil ki te gen anpil aktivite a.
And for the land of my people, where thorns will come up; even for all the houses of joy in the glad town.
ἡ γῆ τοῦ λαοῦ μου ἄκανθα καὶ χόρτος ἀναβήσεται καὶ ἐκ πάσης οἰκίας εὐφροσύνη ἀρθήσεται πόλις πλουσία
- 14 Kay wa a ap rete san pesonn ladan l'. Tout moun pral kouri kite kapital la. Bit mòn Ofèl la ak fò ki t'ap pwoteje l' la pral tounen savann pou tout tan. Se la bourik mawon pral pran plezi yo, se la kabrit ak mouton pral chache manje.
For the fair houses will have no man living in them; the town which was full of noise will become a waste; the hill and the watchtower will be unpeopled for ever, a joy for the asses of the woods, a place of food for the flocks;
οἴκοι ἐγκαταλειμμένοι πλοῦτον πόλεως καὶ οἴκους ἐπιθυμητοὺς ἀφήσουσιν καὶ ἔσονται αἱ κῶμαι σπήλαια ἕως τοῦ αἰῶνος εὐφροσύνη ὄνων ἀγρίων βοσκήματα ποιμένον
- 15 Men, Bondye gen pou l' voye lespri li desann sou nou ankò. Dezè a va tounen yon bon venn tè. Jaden nou yo va bay bèl rekòt.
Till the spirit comes on us from on high, and the waste land becomes a fertile field, and the fertile field is changed into a wood.
ἕως ἂν ἐπέλθῃ ἐφ' ὑμᾶς πνεῦμα ἀφ' ὕψηλοῦ καὶ ἔσται ἔρημος ὁ χερμελ καὶ ὁ χερμελ εἰς δρυμὸν λογισθήσεται
- 16 Toupatou nan peyi a, nan dezè a kou nan jaden yo, p'ap gen lenjistis, ni patipri.
Then in the waste land there will be an upright rule, and righteousness will have its place in the fertile field.
καὶ ἀναπαύσεται ἐν τῇ ἐρήμῳ κρίμα καὶ δικαιοσύνη ἐν τῷ καρμῆλῳ κατοικήσει
- 17 Paske tout moun ap fè sa ki dwat, y'a viv ak kè poze, san danje ni malè pou tout tan.
And the work of righteousness will be peace; and the effect of an upright rule will be to take away fear for ever.
καὶ ἔσται τὰ ἔργα τῆς δικαιοσύνης εἰρήνη καὶ κρατήσῃ ἡ δικαιοσύνη ἀνάπαισιν καὶ πεποιθότες ἕως τοῦ αἰῶνος
- 18 Pèp Bondye a va rete lakay yo ak kè poze, san danje. Yo p'ap gen pwoblèm.
And my people will be living in peace, in houses where there is no fear, and in quiet resting-places.
καὶ κατοικήσει ὁ λαὸς αὐτοῦ ἐν πόλει εἰρήνης καὶ ἐνοικήσει πεποιθὼς καὶ ἀναπαύσονται μετὰ πλοῦτου

- 19 Men lagrèl pral tonbe sou gwo rakbwa a. Yo pral kraze lavil la.
But the tall trees will come down with a great fall, and the town will be low in a low place.
ἡ δὲ χάλαζα ἐὰν καταβῆ οὐκ ἐφ' ὑμᾶς ἦξει καὶ ἔσονται οἱ ἐνοικοῦντες ἐν τοῖς ὄρυσσι πεποιθότες ὡς οἱ ἐν τῇ πεδινῇ
- 20 Ala kontan n'a kontan jwenn kont dlo nou pou fè jaden! Lè sa a, nou p'ap bezwen mete bèf ak bourik nou yo nan kòd ankò!
Happy are you who are planting seed by all the waters, and sending out the ox and the ass.
μακάριοι οἱ σπείροντες ἐπὶ πάντων ὕδωρ οὐ βοῦς καὶ ὄνος πατεῖ
- 1 ¶ Madichon pou lènmi nou yo! Y'ap devalize nou, pesonn pa devalize yo. Y'ap trayi nou, pesonn pa trayi yo. Men tou, lè y'a fin devalize nou, moun va devalize yo tou! Lè y'a fin trayi nou, moun va trayi yo tou!
Ho! you who make waste those who did not make you waste; acting falsely to those who were not false to you. When you have come to an end of wasting, you will be made waste, and after your false acts, they will do the same to you.
οὐαὶ τοῖς ταλαιπωροῦσιν ὑμᾶς ὑμᾶς δὲ οὐδεὶς ποιεῖ ταλαιπώρους καὶ ὁ ἀθετῶν ὑμᾶς οὐκ ἀθετεῖ ἀλώσονται οἱ ἀθετοῦντες καὶ παραδοθήσονται καὶ ὡς σῆς ἐπὶ ἱματίου οὕτως ἡττηθήσονται
- 2 Seyè, pitye pou nou! Se nan ou nou mete tout espwa nou! Pwoteje nou jou apre jou! Delivre nou lè nou anba tray!
O Lord, have mercy on us; for we have been waiting for your help: be our strength every morning, our salvation in time of trouble.
κύριε ἐλέησον ἡμᾶς ἐπὶ σοὶ γὰρ πεποιθήμεν ἐγενήθη τὸ σπέρμα τῶν ἀπειθοῦντων εἰς ἀπώλειαν ἢ δὲ σωτηρία ἡμῶν ἐν καιρῷ θλίψεως
- 3 Lè w'ap goumen pou nou, tande lòt nasyon yo tande bri lagè a, yo kouri met deyò, yo gaye.
At the loud noise the peoples have gone in flight; at your coming up the nations have gone in all directions.
διὰ φωνῆν τοῦ φόβου σου ἐξέστησαν λαοὶ ἀπὸ τοῦ φόβου σου καὶ διεσπάρησαν τὰ ἔθνη
- 4 Tankou krikèt nan jaden, nou kouri lage kò nou sou tou sa yo genyen, nou ranmase tout bagay pote ale.
And the goods taken in war will be got together like the massing of young locusts; men will be rushing on them like the rushing of locusts.
νῦν δὲ συναχθήσεται τὰ σκῦλα ὑμῶν μικροῦ καὶ μεγάλου ὄν τρόπον ἐὰν τις συναγάγῃ ἀκρίδας οὕτως ἐμπαΐξουσιν ὑμῖν
- 5 Ala pouwva Seyè a genyen! Li donminen sou tout bagay! L'ap fè tout moun mache dwat nan lavil Jerizalèm. Pesonn p'ap fè lenjistis sou mòn Siyon an.
The Lord is lifted up; his place is on high: he has made Zion full of righteousness and true religion.
ἄγιος ὁ θεὸς ὁ κατοικῶν ἐν ὑψηλοῖς ἐνεπλήσθη σιων κρίσεως καὶ δικαιοσύνης
- 6 Li p'ap kite anyen rive pèp la ankò. Sa k'ap toujou sove yo, se va bon konprann ak konesans Bondye ap ba yo a. Pi gwo richès yo, se krentif y'a gen pou Seyè a.
And she will have no more fear of change, being full of salvation, wisdom, and knowledge: the fear of the Lord is her wealth.
ἐν νόμῳ παραδοθήσονται ἐν θησαυροῖς ἢ σωτηρία ἡμῶν ἐκεῖ σοφία καὶ ἐπιστήμη καὶ εὐσέβεια πρὸς τὸν κύριον οὗτοί εἰσιν θησαυροὶ δικαιοσύνης
- 7 Vanyan gason ap rele anmwe. Moun yo te voye pou siyen lapè yo ap kriye ak gwo lapenn nan kè yo.
See, the men of war are sorrowing outside the town: those who came looking for peace are weeping bitterly.
ἰδοὺ δὴ ἐν τῷ φόβῳ ὑμῶν αὐτοὶ φοβηθήσονται οὗς ἐφοβείσθε φοβηθήσονται ἀφ' ὑμῶν ἄγγελοι γὰρ ἀποσταλήσονται ἀξιούντες εἰρήνην πικρῶς κλαίοντες παρακαλοῦντες εἰρήνην
- 8 Nanpwen pesonn sou granchemen yo. Moun pa vwayaje ankò. Lènmi yo pa respekte kontra yo te siyen an, yo pa kenbe dizon yo. Y'a manke tout moun dega.
The highways are waste, no man is journeying there: the agreement is broken, he has made sport of the towns, he has no thought for man.
ἐρημωθήσονται γὰρ αἱ τούτων ὁδοὶ πέπυται ὁ φόβος τῶν ἐθνῶν καὶ ἡ πρὸς τοὺτους διαθήκη αἴρεται καὶ οὐ μὴ λογισθεῖ αὐτοὺς ἄνθρωπος
- 9 Peyi a nan lapenn, l'ap deperi. Nan peyi Liban, moun pa konn sa pou yo fè. Gwo rakbwa yo ap cheche. Bèl plenn peyi Sawon an tounen savann. Nan tout peyi Bazan ak peyi Kamèl, tout pyebwa ap pèdi fèy.
The earth is sorrowing and wasting away; Lebanon is put to shame and has become waste; Sharon is like the Arabah; and in Bashan and Carmel the leaves are falling.
ἐπένθησεν ἡ γῆ ἡσχύνθη ὁ λίβανος ἔλη ἐγένετο ὁ σαρων φανερά ἔσται ἡ γαλιλαία καὶ ὁ κάρμηλος
- 10 Seyè a pale ak lòt nasyon yo, li di yo: -Koulye a, m'ap leve kanpe, m'ap fè nou wè jan m' gen pouwva, jan m' gen fòs kouraj.
Now will I come forward, says the Lord; now will I be lifted up; now will my power be seen.
νῦν ἀναστήσομαι λέγει κύριος νῦν δοξασθήσομαι νῦν ὑψωθήσομαι
- 11 N'ap fè yon bann lide nan tèt nou ki pa vo anyen. Se nou menm ankò k'ap touye tèt nou.
Your designs will be without profit, and their effect will be nothing: you will be burned up by the fire of my breath.
νῦν ὄψεσθε νῦν αἰσθηθήσεσθε ματαία ἔσται ἡ ἰσχὺς τοῦ πνεύματος ὑμῶν πῦρ ὑμᾶς κατέδεεται

- 12 M'ap boule nou tankou yo boule wòch pou fè lacho, tankou pikan chèch yo jete nan dife.
And the peoples will be like the burning of chalk: as thorns cut down, which are burned in the fire.
καὶ ἔσονται ἔθνη κατακεκαυμένα ὡς ἄκανθα ἐν ἀγρῷ ἐρριμμένη καὶ κατακεκαυμένη
- 13 ¶ Se pou tout moun, ni sa ki pre ni sa ki lwen, tandè sa mwen te fè. Se pou tout moun konnen jan m' gen pouvwa.
Give ear, you who are far off, to what I have done: see my power, you who are near.
ἀκούσονται οἱ πόρρωθεν ἃ ἐποίησα γνώσονται οἱ ἐγγίζοντες τὴν ἰσχύον μου
- 14 Nan lavil Siyon, moun k'ap fè sa ki mal yo pral gen kè sere. Moun ki refize fè sa Bondye mande a pral tranble. Y'ap di: Jijman Bondye se tankou yon gwo dife k'ap boule san rete. Kilès nan nou ki ka chape anba yon dife konsa?
The sinners in Zion are full of fear; the haters of God are shaking with wonder. Who among us may keep his place before the burning fire? who among us may see the eternal burnings?
ἀπέστησαν οἱ ἐν σιων ἄνομοι λήμψεται τρόμος τοὺς ἀσεβεῖς τίς ἀναγγελεῖ ὑμῖν ὅτι πῦρ καίεται τίς ἀναγγελεῖ ὑμῖν τὸν τόπον τὸν αἰώνιον
- 15 Moun k'ap chape, se moun k'ap mache dwat yo, moun ki pa nan bay manti, moun ki pa sèvi ak pouvwa yo pou pwofite sou lòt moun, moun ki pa asepte lajan sou kote, moun ki pa dakò ak moun k'ap fè plan pou fè mechanste, moun ki pa mele ak moun k'ap fè sa ki mal.
He whose ways are true, and whose words are upright; he who gives no thought to the profits of false acts, whose hands have not taken rewards, who will have no part in putting men to death, and whose eyes are shut against evil;
πορευόμενος ἐν δικαιοσύνῃ λαλῶν εὐθεῖαν ὁδὸν μισῶν ἀνομίαν καὶ ἀδικίαν καὶ τὰς χεῖρας ἀποσειόμενος ἀπὸ δώρων βαρύνων τὰ ὄτα ἵνα μὴ ἀκούσῃ κρίσιν αἵματος καμμύων τοὺς ὀφθαλμοὺς ἵνα μὴ ἴδῃ ἀδικίαν
- 16 Se moun konsa ki pral rive nan lavi. Tankou yon moun ki nan yon gwo fò byen wo, anyen p'ap rive l': l'ap toujou jwenn manje pou l' manje ak dlo pou l' bwè.
He will have a place on high: he will be safely shut in by the high rocks: his bread will be given to him; his waters will be certain.
οὗτος οἰκήσει ἐν ὑψηλῷ σπηλαίῳ πέτρας ἰσχυρᾶς ἄρτος αὐτῷ δοθήσεται καὶ τὸ ὕδωρ αὐτοῦ πιστόν
- 17 Yon jou, n'a wè yon wa k'ap gouvènen nan mitan yon bann bèl bagay, nan yon gwo gwo peyi.
Your eyes will see the king in his glory: they will be looking on a far-stretching land.
βασιλέα μετὰ δόξης ὄψεσθε καὶ οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν ὄψονται γῆν πόρρωθεν
- 18 Lè sa a, n'a chonje sa ki te konn fè nou pè a. Nan kè nou, n'a mande: Kote prepoze kontribisyon yo? Kote kontwòlè mache yo? Kote moun ki t'ap mache enspekte fò yo?
Your heart will give thought to the cause of your fear: where is the scribe, where is he who made a record of the payments, where is he by whom the towers were numbered?
ἡ ψυχὴ ὑμῶν μελετήσει φόβον ποῦ εἰσιν οἱ γραμματικοὶ ποῦ εἰσιν οἱ συμβουλευόντες ποῦ ἔστιν ὁ ἀριθμῶν τοὺς τρεφομένους
- 19 Nou p'ap wè bann moun awogan sa yo ankò, bann moun ki soti lòt peyi, ki pale lòt lang ou pa ka menm konprann, yon lang k'ap kòche zòrèy ou.
Never again will you see the cruel people, a people whose tongue has no sense for you; whose language is strange to you.
μικρὸν καὶ μέγαν λαόν ᾧ οὐ συνεβουλεύσαντο οὐδὲ ἤδει βαθύφωνον ὥστε μὴ ἀκοῦσαι λαὸς πεφανλισμένος καὶ οὐκ ἔστιν τῷ ἀκούοντι σύνεσις
- 20 Voye je ou gade lavil Siyon, kote nou fè gwo fèt nou yo! Gade lavil Jerizalèm! Yon bon kote pou moun rete san kè sote. L'ap tankou yon tant yo p'ap janm demoute, pikèt li yo p'ap janm rache, kòd li yo p'ap janm kase.
Let your eyes be resting on Zion, the town of our holy feasts: you will see Jerusalem, a quiet resting-place, a tent which will not be moved, whose tent-pins will never be pulled up, and whose cords will never be broken.
ἰδοὺ σιων ἡ πόλις τὸ σωτήριον ἡμῶν οἱ ὀφθαλμοὶ σου ὄψονται ἱερουσαλὴμ πόλις πλουσία σκηναὶ αἱ οὐ μὴ σεισθῶσιν οὐδὲ μὴ κινηθῶσιν οἱ πάσσαλοι τῆς σκηνῆς αὐτῆς εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον οὐδὲ τὰ σχοινία αὐτῆς οὐ μὴ διαρραγῶσιν
- 21 Se la Seyè a pral fè nou wè pouvwa li. M'ap rete bèl gwo larivyè a ak gwo kannal dlo yo, men ankenn kannòt, ankenn batiman lènmi p'ap ka pase ladan yo.
But there the Lord will be with us in his glory, ... wide rivers and streams; where no boat will go with blades, and no fair ship will be sailing.
ὅτι τὸ ὄνομα κυρίου μέγα ὑμῖν τόπος ἡμῖν ἔσται ποταμοὶ καὶ διώρυγες πλατεῖς καὶ εὐρύχωροι οὐ πορεύσῃ ταύτην τὴν ὁδὸν οὐδὲ πορεύεται πλοῖον ἐλαῦνον
- 22 Paske, se Seyè a menm k'ap chèf nou, se li menm k'ap gouvènen nou, se li ki wa nou, se li k'ap delivre nou.
For the Lord is our judge, the Lord is our law-giver, the Lord is our king; he will be our saviour.
ὁ γὰρ θεὸς μου μέγας ἔστιν οὐ παρελεύσεται με κύριος κριτὴς ἡμῶν κύριος ἄρχων ἡμῶν κύριος βασιλεὺς ἡμῶν κύριος οὗτος ἡμᾶς σώσει
- 23 Tout kòd batiman yo p'ap sèvi yo anyen. Ma yo pèdi fòs, vwal yo pa ka louvri. Y'ap piye tou sa lènmi yo te pote sou batiman yo. Ata moun enfem pral nan piyay la tou.
Your cords have become loose; they were not able to make strong the support of their sails, the sail was not stretched out: then the blind will take much property, the feeble-footed will make division of the goods of war.
ἐρράγησαν τὰ σχοινία σου ὅτι οὐκ ἐνίσχυσεν ὁ ἰστός σου ἔκλινεν οὐ χαλάσει τὰ ἰστία οὐκ ἄρει σημεῖον ἕως οὔ παραδοθῆ εἰς προνομήν τοῖνον πολλοὶ χωλοὶ προνομήν ποιήσουσιν

- 24 **Pesonn nan peyi a p'ap plenyen di li malad ankò. Bondye pral padonnen peche tout moun ki rete lavil Jerizalèm.**
And the men of Zion will not say, I am ill: for its people will have forgiveness for their sin.
καὶ οὐ μὴ εἴπῃ κοπιῶ ὁ λαὸς ὁ ἐνοικῶν ἐν αὐτοῖς ἀφέθη γὰρ αὐτοῖς ἡ ἁμαρτία
- 1 ¶ **Nou menm moun tout nasyon yo, pwoche pou n' koute! Tout pèp sou latè, louvri zòrèy nou! Se pou tout moun ansanm ak tout bagay ki sou latè yo koute!**
Come near, you nations, and give ear; take note, you peoples: let the earth and everything in it give ear; the world and all those living in it.
προσαγάγετε ἔθνη καὶ ἀκούσατε ἄρχοντες ἀκουσάτω ἡ γῆ καὶ οἱ ἐν αὐτῇ ἡ οἰκουμένη καὶ ὁ λαὸς ὁ ἐν αὐτῇ
- 2 **Seyè a fache sou tout nasyon yo nèt, ansanm ak lame sòlda yo. Li kondannen yo tout pou yo mouri, pou yo touye yo tankou bèt y'ap ofri pou touye pou li.**
For the Lord is angry with all the nations, and his wrath is burning against all their armies: he has put them to the curse, he has given them to destruction.
διότι θυμὸς κυρίου ἐπὶ πάντα τὰ ἔθνη καὶ ὀργὴ ἐπὶ τὸν ἀριθμὸν αὐτῶν τοῦ ἀπολέσαι αὐτοὺς καὶ παραδοῦναι αὐτοὺς εἰς σφαγὴν
- 3 **Yo p'ap antere kadav moun mouri yo. Y'ap kite yo pouri santi. Tout mòn yo pral wouj ak san.**
Their dead bodies will be thick on the face of the earth, and their smell will come up, and the mountains will be flowing with their blood, and all the hills will come to nothing.
οἱ δὲ τραυματῖαι αὐτῶν ῥιφήσονται καὶ οἱ νεκροὶ καὶ ἀναβήσεται αὐτῶν ἡ ὀσμὴ καὶ βραχίσειται τὰ ὄρη ἀπὸ τοῦ αἵματος αὐτῶν
- 4 **Tou sa ki nan syèl la, solèy, lalin ak zetwal yo, pral disparèt. Yo pral woule syèl la tankou yon woulo papye pote ale. Tou sa ki nan syèl la pral tonbe tankou fèy pye rezen ak fèy pye fig Frans lè y'ap jete fèy.**
And the heavens will be rolled together like the roll of a book; and all their army will be gone, like a dead leaf from the vine, or a dry fruit from the fig-tree.
καὶ ἐλιγίσειται ὁ οὐρανὸς ὡς βιβλίον καὶ πάντα τὰ ἄστρα πεσεῖται ὡς φύλλα ἐξ ἀμπέλου καὶ ὡς πίπτει φύλλα ἀπὸ συκῆς
- 5 **Nan syèl la, nepe Seyè a mande san. Men l'ap desann sou peyi Edon an pou l' pini moun mwen menm, Seyè a, mwen te kondannen pou mouri.**
For my sword in heaven is full of wrath: see, it is coming down on Edom, in punishment on the people of my curse.
ἐμεθύσθη ἡ μάχαιρά μου ἐν τῷ οὐρανῷ ἰδοὺ ἐπὶ τὴν ἰδουμαίαν καταβήσεται καὶ ἐπὶ τὸν λαὸν τῆς ἀπολείας μετὰ κρίσεως
- 6 **Nepe Seyè a pral benyen ak san yo tankou san mouton ak san bouk yo touye pou li. Li pral kouvri ak grès tankou grès wonyon belye yo touye pou li. Yo pral fè yon ofrann bèt pou Seyè a lavil Bozra. Yo pral fè yon gwo masak nan peyi Edon.**
The sword of the Lord is full of blood, it is fat with the best of the meat, with the blood of lambs and goats, with the best parts of the sheep: for the Lord has a feast in Bozrah, and much cattle will be put to death in the land of Edom.
ἡ μάχαιρα κυρίου ἐνεπλήσθη αἵματος ἐπαχύνθη ἀπὸ στέατος ἀρνῶν καὶ ἀπὸ στέατος τράγων καὶ κριῶν ὅτι θυσία κυρίῳ ἐν βοσορ καὶ σφαγὴ μεγάλη ἐν τῇ ἰδουμαίᾳ
- 7 **Moun pral mouri tankou gwo towò bèf mawon ak jenn ti towò. Tè a pral plen san, li pral kouvri ak grès.**
And the strong oxen will go down to death together with the smaller cattle.
καὶ συμπεσοῦνται οἱ ἄδρωι μετ' αὐτῶν καὶ οἱ κριοὶ καὶ οἱ ταῦροι καὶ μεθυσθήσεται ἡ γῆ ἀπὸ τοῦ αἵματος καὶ ἀπὸ τοῦ στέατος αὐτῶν ἐμπλησθήσεται
- 8 **Paske, se jou Seyè a pral pran revanj li sou lènmi peyi Siyon yo. Se jou li pral fè yo peye sa yo te fè a, pou l' ka delivre moun Siyon yo.**
For it is the day of the Lord's punishment, when he gives payment for the wrongs done to Zion.
ἡμέρα γὰρ κρίσεως κυρίου καὶ ἐνιαυτὸς ἀνταποδόσεως κρίσεως σίων
- 9 ¶ **Tout dlo larivyè nan peyi Edon pral tounen goudwon. Pousyè tè a ap tounen souf. Tout peyi a pral boule tankou goudwon.**
And its streams will be turned into boiling oil, and its dust into burning stone, and all the land will be on fire.
καὶ στραφήσονται αὐτῆς αἱ φάραγγες εἰς πίσσαν καὶ ἡ γῆ αὐτῆς εἰς θεῖον καὶ ἔσται αὐτῆς ἡ γῆ καιομένη ὡς πίσσα
- 10 **L'ap boule lajounen kou lannwit. Lafimen pral soti ladan l' tout tan san rete. Tè a ap tounen savann pou tout tan tout tan. Moun p'ap janm pase la ankò.**
It will not be put out day or night; its smoke will go up for ever: it will be waste from generation to generation; no one will go through it for ever.
νυκτὸς καὶ ἡμέρας καὶ οὐ σβεσθήσεται εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον καὶ ἀναβήσεται ὁ καπνὸς αὐτῆς ἄνω εἰς γενεὰς ἐρημωθήσεται καὶ εἰς χρόνον πολὺν
- 11 **Se la koukou ak frize pral fè nich yo. Se la kaou ak malfini pral rete. Seyè a pral fè l' tounen yon dezè san anyen ladan li.**
But the birds of the waste land will have their place there; it will be a heritage for the bittern and the raven: and it will be measured out with line and weight as a waste land.
καὶ κατοικήσουσιν ἐν αὐτῇ ὄρνεα καὶ ἐχίνοι καὶ ἴβεις καὶ κόρακες καὶ ἐπιβλήσεται ἐπ' αὐτὴν σπαρτίον γεωμετρίας ἐρήμου καὶ ὀνοκένταυροι οἰκίσουσιν ἐν αὐτῇ
- 12 **P'ap gen grannèg pou chwazi wa ankò pou gouvènè peyi a, tout chèf yo ap disparèt.**
The jackals will be there, and her great ones will be gone; they will say, There is no longer a kingdom there, and all her chiefs will have come to an end.
οἱ ἄρχοντες αὐτῆς οὐκ ἔσονται οἱ γὰρ βασιλεῖς αὐτῆς καὶ οἱ ἄρχοντες αὐτῆς καὶ οἱ μεγιστάνες αὐτῆς ἔσονται εἰς ἀπώλειαν

- 13 Pikan pral pouse nan tout palè l' yo, kwòkachen ak chadwon pral pouse nan tout fò yo. Se la chen mawon pral rete. Se la otrich pral fè nich yo.
And thorns will come up in her fair houses, and waste plants in her strong towers: and foxes will make their holes there, and it will be a meeting-place for ostriches.
καὶ ἀναφύσει εἰς τὰς πόλεις αὐτῶν ἀκάνθινα ξύλα καὶ εἰς τὰ ὄχυράματα αὐτῆς καὶ ἔσται ἔπαυλις σειρήνων καὶ αὐλὴ στρουθῶν
- 14 Bèt k'ap viv nan dezè yo pral kontre ak chen mawon. Mal yo, yonn pral rele lòt. Se la lagrandyab la pral rete. Se la l'a jwenn yon kote pou l' poze kò l'.
And the beasts of the waste places will come together with the jackals, and the evil spirits will be crying to one another, even the night-spirit will come and make her resting-place there.
καὶ συναντήσουσιν δαιμόνια ὀνοκενταύροις καὶ βοήσουσιν ἕτερος πρὸς τὸν ἕτερον ἐκεῖ ἀναπαύσονται ὀνοκένταυροι εὖρον γὰρ αὐτοῖς ἀνάπαυσιν
- 15 Se la koulèn pral fè nich yo, se la y'ap ponn. Se la y'ap kouve ze yo, se la y'ap okipe pitit yo. Se la malfini karanklou yo pral sanble.
The arrowsnake will make her hole and put her eggs there, and get her young together under her shade: there the hawks will come together by twos.
ἐκεῖ ἐνόσσευσεν ἐχίνος καὶ ἔσωσεν ἡ γῆ τὰ παιδία αὐτῆς μετὰ ἀσφαλείας ἐκεῖ ἔλαφοι συνήντησαν καὶ εἶδον τὰ πρόσωπα ἀλλήλων
- 16 Ale gade nan liv Bondye a. Li sa ki ladan l'. Pa manke yon sèl nan tout bèt li kreye yo. Yo yonn pa pèdi parèy yo. Se Seyè a menm ki bay lòd sa a. Se lespri li k'ap mete yo ansanm yonn ak lòt.
See what is recorded in the book of the Lord: all these will be there, not one without the other: the mouth of the Lord has given the order, and his spirit has made them come together.
ἀριθμῶ παρήλθον καὶ μία αὐτῶν οὐκ ἀπόλετο ἑτέρα τὴν ἑτέραν οὐκ ἐξήτησαν ὅτι κύριος ἐνετείλατο αὐτοῖς καὶ τὸ πνεῦμα αὐτοῦ συνήγαγεν αὐτάς
- 17 Se li menm menm ki pral separe tè a ba yo chak pòsyon pa yo. Y'ap rete nan peyi a pou tout tan. Peyi a va rele yo pa yo jouk sa kaba.
And he has given them their heritage, and by his hand it has been measured out to them: it will be theirs for ever, their resting-place from generation to generation.
καὶ αὐτὸς ἐπιβαλεῖ αὐτοῖς κλήρους καὶ ἡ χεὶρ αὐτοῦ διεμέριεν βόσκεισθαι εἰς τὸν αἰῶνα χρόνον κληρονομήσετε εἰς γενεὰς γενεῶν ἀναπαύσονται ἐπ' αὐτῆς
- 1 ¶ Dezè ak tè sèk pral kontan yon sèl kontan. Savann yo pral kontan tou, yo pral fleri.
The waste land and the dry places will be glad; the lowland will have joy and be full of flowers.
εὐφράνθητι ἔρημος διψῶσα ἀγαλλιάσθω ἔρημος καὶ ἀνθείτω ὡς κρίνον
- 2 Dezè pral kouvri ak flè, yo pral fè fèt. Yo pral chante. Yo pral gen gwo pyebwa tankou mòn Liban. Yo pral plen bèl pyebwa tankou mòn Kamèl ak mòn Sawon. Tout moun va wè gwo pouvwa Seyè a. Y'a wè bèl bagay Bondye nou an fè.
It will be flowering like the rose; it will be full of delight and songs; the glory of Lebanon will be given to it; the pride of Carmel and Sharon: they will see the glory of the Lord, the power of our God.
καὶ ἐξανθήσει καὶ ἀγαλλιάσεται τὰ ἔρημα τοῦ ἰορδάνου καὶ ἡ δόξα τοῦ λιβάνου ἐδόθη αὐτῇ καὶ ἡ τιμὴ τοῦ καρμύλου καὶ ὁ λαός μου ὄψεται τὴν δόξαν κυρίου καὶ τὸ ὕψος τοῦ θεοῦ
- 3 Ankouraje moun ki febli yo! Soutni moun ki gen jenou yo ap tranble!
Make strong the feeble hands, give support to the shaking knees.
ισχύσατε χεῖρες ἀνεμῆναι καὶ γόνατα παραλελυμένα
- 4 Pale ak moun ki dekouraje yo. Di yo konsa: Pran kouraj! Pa pè! Men Bondye nou an ap vini! Li pral tire revanj sou lènmi nou yo, li pral fè yo peye sa yo fè. Se limenm menm ki pral fè sa pou l' ka delivre nou.
Say to those who are full of fear, Be strong and take heart: see, your God will give punishment; the reward of God will come; he himself will come to be your saviour.
παρακαλέσατε οἱ ὀλιγόψυχοι τῇ διανοίᾳ ισχύσατε μὴ φοβεῖσθε ἰδοὺ ὁ θεὸς ἡμῶν κρίσιν ἀνταποδίδωσιν καὶ ἀνταποδώσει αὐτὸς ἡξίει καὶ σώσει ἡμᾶς
- 5 ¶ Je avèg yo pral louvri. Zòrèy moun soudè yo pral debouche.
Then the eyes of the blind will see, and the ears which are stopped will be open.
τότε ἀνοιχθήσονται ὀφθαλμοὶ τυφλῶν καὶ ὄτια κωφῶν ἀκούσονται
- 6 Moun enfim nan pye yo pral sote ponpe tankou kabrit. Lang bèbè yo pral lage. Yo pral chante. Sous dlo pral pete toupatou nan tout dezè. Dlo pral koule nan tout savann.
Then will the feeble-footed be jumping like a roe, and the voice which was stopped will be loud in song: for in the waste land streams will be bursting out, and waters in the dry places.
τότε ἀλείται ὡς ἔλαφος ὁ χλωὸς καὶ τρανὴ ἔσται γλῶσσα μογιάλων ὅτι ἐρράγη ἐν τῇ ἐρήμῳ ὕδωρ καὶ φάραγξ ἐν γῆ διψώση
- 7 Kote sab la te cho a pral tounen yon letan. Tè sèk yo pral plen sous dlo. Kote chen mawon te konn rete a se la wozo ak jon pral pouse an kantite.
And the burning sand will become a pool, and the dry earth springs of waters: the fields where the sheep take their food will become wet land, and water-plants will take the place of grass.
καὶ ἡ ἄνυδρος ἔσται εἰς ἕλη καὶ εἰς τὴν διψῶσαν γῆν πηγὴ ὕδατος ἔσται ἐκεῖ εὐφροσύνη ὀρνέων ἔπαυλις καλάμου καὶ ἕλη
- 8 Pral gen yon bèl wout pase la. Y'ap rele l': Wout Bondye a! Moun k'ap fè sa ki mal p'ap pase nan wout sa a. Se va sèlman pou moun ki mache dwat yo. Wi, pou yo ase. Ankenn bakoulou p'ap ka detounen moun k'ap swiv chemen sa a.
And a highway will be there; its name will be, The Holy Way; the unclean and the sinner may not go over it, and those who go on it will not be turned out of the way by the foolish.
ἐκεῖ ἔσται ὁδὸς καθαρὰ καὶ ὁδὸς ἀγία κληθήσεται καὶ οὐ μὴ παρέλθῃ ἐκεῖ ἀκάθαρτος οὐδὲ ἔσται ἐκεῖ ὁδὸς ἀκάθαρτος οἱ δὲ διεσπαρμένοι πορεύσονται ἐπ' αὐτῆς καὶ οὐ μὴ πλανηθῶσιν

- 9 P'ap gen lyon sou wout sa a. P'ap gen bèt bwa k'ap pase la. Se moun Seyè a delivre ase ki pral vwayaje sou li. P'ap gen lòt moun ankò!
No lion will be there, or any cruel beast; they will not be seen there; but those for whom the Lord has given a price,
 και οὐκ ἔσται ἐκεῖ λέων οὐδὲ τῶν θηρίων τῶν πονηρῶν οὐ μὴ ἀναβῆ ἔπ' αὐτὴν οὐδὲ μὴ εὐρεθῆ ἐκεῖ ἀλλὰ πορεύονται ἐν αὐτῇ λελυτρωμένοι
- 10 Moun Seyè a te delivre yo pral tounen. Y'ap rive lavil Siyon ak chante nan bouch yo, ak kè kontan make sou figi yo. Tout moun pral kontan, yo pral fè fèt. Moun p'ap nan lapenn. Ou p'ap tande plenyen ankò!
Even those whom he has made free, will come back again; they will come with songs to Zion; on their heads will be eternal joy; delight and joy will be theirs, and sorrow and sounds of grief will be gone for ever.
 και συνηγμένοι διὰ κύριον ἀποστραφήσονται και ἤξουσιν εἰς σιων μετ' εὐφροσύνης και εὐφροσύνη αἰώνιος ὑπὲρ κεφαλῆς αὐτῶν ἐπὶ γὰρ κεφαλῆς αὐτῶν αἴνεσις και ἀγαλλίαμα και εὐφροσύνη καταλήμψεται αὐτοῦς ἀπέδρα ὁδὸν και λύπη και στεναγμός
- 1 ¶ Ezeqyas te gen katòzan depi li t'ap gouvènen peyi Jida lè Senakerib, wa peyi Lasiri, vin atake tout lavil nan peyi Jida ki te gen gwo ranpa pou pwoteje yo. Li pran yo.
And it came about in the fourteenth year of King Hezekiah that Sennacherib, king of Assyria, came up against all the walled towns of Judah and took them.
 και ἐγένετο τοῦ τεσσαρεσκαίδεκάτου ἔτους βασιλευόντος εζεκιου ἀνέβη σενναχηριμ βασιλεὺς ἀσσυρίων ἐπὶ τὰς πόλεις τῆς ἰουδαίας τὰς ὄχρῶς και ἔλαβεν αὐτάς
- 2 Apre sa, li bay chèf gad palè li a lòd pou li kite lavil lakis ak yon gwo lame pou li moute lavil Jerizalèm ale bò kote wa Ezeqyas. Chèf gad palè a rive sou wout ki mennen nan jaden kote yo rense twal ki fenk tenn yo, li moute kan li toupre gwo kannal ki bay dlo nan sitèn anwo lavil la.
And the king of Assyria sent the Rab-shakeh from Lachish to Jerusalem to King Hezekiah with a strong force, and he took up his position by the stream of the higher pool, by the highway of the washerman's
 και ἀπέστειλεν βασιλεὺς ἀσσυρίων ραφακιη ἐκ λαχίς εἰς ἱερουσαλημ πρὸς τὸν βασιλέα εζεκιαν μετὰ δυνάμεως πολλῆς και ἔστη ἐν τῷ ὑδραγωγῷ τῆς κολυμβήθρας τῆς ἄνω ἐν τῇ ὁδῷ τοῦ ἀγροῦ τοῦ γναφέως
- 3 Twa moun Jida soti vin jwenn li. Se te Elyakim, pitit Ilkija a, ki te chèf moun k'ap travay nan palè a, Chebna, sekretè a, ak Joak, pitit Asaf la, ki te reskonsab achiv leta a.
And there came out to him Eliakim, the son of Hilkiah, who was over the house, and Shebna the scribe, and Joah, the son of Asaph, the recorder.
 και ἐξῆλθεν πρὸς αὐτὸν ελιακιμ ὁ τοῦ χελκιου ὁ οἰκονόμος και σομνας ὁ γραμματεὺς και ιωαχ ὁ τοῦ ασαφ ὁ ὑπομνηματογράφος
- 4 Chèf gad palè wa Lasiri a di yo konsa: -Ale di wa Ezeqyas men mesaj gran wa a, wa peyi Lasiri a, voye ba li: Poukisa ou gen tout konfyans sa a?
And the Rab-shakeh said to them, Say now to Hezekiah, These are the words of the great king, the king of Assyria: In what are you placing your hope?
 και εἶπεν αὐτοῖς ραφακιης εἶπατε εζεκια τάδε λέγει ὁ βασιλεὺς ὁ μέγας βασιλεὺς ἀσσυρίων τί πεποιθὼς εἶ
- 5 Ou konprann ou ka fè lagè ak bèl pawòl ase san ou pa bezwen entelijans ak bon sòlda? Sou ki moun ou apiye kò ou pou ou kenbe tèt ak mwen konsa?
You say you have a design and strength for war, but these are only words: now to whom are you looking for support, that you have gone against my authority?
 μὴ ἐν βουλῇ ἢ λόγοις χειλέων παράταξις γίνεται και νῦν ἐπὶ τίνι πέποιθας ὅτι ἀπειθεῖς μοι
- 6 Ou al mete konfyans ou nan peyi Lejip! Yon baton wozo tou kase! Anvan ou apiye sou li, l'ap antre nan men ou, l'ap blese ou. Farawon an, wa peyi Lejip ou wè a, se konsa li ye pou tout moun ki fè l' konfyans.
See, you are basing your hope on that broken rod of Egypt, which will go into a man's hand if he makes use of it for a support; for so is Pharaoh, king of Egypt, to all who put their faith in him.
 ἰδοὺ πεποιθὼς εἶ ἐπὶ τὴν ῥάβδον τὴν καλαμίνην τὴν τεθλασμένην ταύτην ἐπ' αἴγυπτον ὅς ἂν ἐπ' αὐτὴν ἐπιστηρισθῆ εἰσελεύσεται εἰς τὴν χεῖρα αὐτοῦ οὕτως ἐστὶν φαραω βασιλεὺς αἰγύπτου και πάντες οἱ πεποιθότες ἐπ' αὐτῷ
- 7 Nou pral di m' koulye a se nan Seyè a, Bondye nou an, nou mete konfyans nou! Atò, se pa kote nou te mete apa pou li yo ansanm ak tout lotèl li yo wa Ezeqyas te fè disparèt nan peyi a, lèfini li mande pou tout moun peyi Jida ak moun lavil Jerizalèm vin adore devan yon sèl lotèl la?
And if you say to me, Our hope is in the Lord our God; is it not he whose high places and altars Hezekiah has taken away, saying to Judah and Jerusalem that worship may only be given before this altar?
 εἰ δὲ λέγετε ἐπὶ κύριον τὸν θεὸν ἡμῶν πεποιθήμεν
- 8 Antann nou avèk mèt mwen an, wa peyi Lasiri a. Lèfini, m'ap ban nou demil chwal si nou ka jwenn demil sòlda pou moute yo.
And now, take a chance with my master, the king of Assyria, and I will give you two thousand horses, if you are able to put horsemen on them.
 νῦν μείχθητε τῷ κυρίῳ μου τῷ βασιλεῖ ἀσσυρίων και δώσω ὑμῖν δισχιλίαν ἵππον εἰ δυνήσεσθε δοῦναι ἀναβάτας ἐπ' αὐτοῦς
- 9 Ou pa menm gen moun ase pou bat yonn nan pi piti chèf ki sou lòd wa mwen an! Epi, se sou peyi Lejip w'ap konte jwenn cha lagè ak kavalye pou fè lagè!
How then may you put to shame the least of my master's servants? and you have put your hope in Egypt for war-carriages and horsemen:
 και πῶς δύνασθε ἀποστρέψαι εἰς πρόσωπον τοπάρχου ἐνός οἰκέται εἰσὶν οἱ πεποιθότες ἐπ' αἰγυπτίους εἰς ἵππον και ἀναβάτην

- 10 Epitou, pa konprann se san konsantman Seyè a mwen vin atake peyi a pou m' detwi l'. Se Seyè a menm ki di m' vin atake peyi ou la pou m' detwi l'.
And have I now come to send destruction on this land without the Lord's authority? It was the Lord himself who said to me, Go up against this land and make it waste.
 και νῦν μὴ ἄνευ κυρίου ἀνέβημεν ἐπὶ τὴν χώραν ταύτην πολεμῆσαι αὐτήν
- 11 ¶ Lè sa a, Elyakim, Chebna ansanm ak Joak di chèf gad palè a: -Tanpri, mèt. Pale lang arameyen ak nou. Nou konprann lang sa a. Men pa pale ebre. Tout moun ki sou miray la ap koute.
Then Eliakim and Shebna and Joah said to the Rab-shakeh, Please make use of the Aramaean language in talking to your servants, for we are used to it, and do not make use of the Jews' language in the hearing of the people on the wall.
 και εἶπεν πρὸς αὐτὸν ελιακιμ και σομνας και ιωαχ λάλησον πρὸς τοὺς παιδάς σου συριστί ἀκούομεν γὰρ ἡμεῖς και μὴ λάλει πρὸς ἡμᾶς ιουδαῖστί και ἵνα τί λαλεῖς εἰς τὰ ὄτα τῶν ἀνθρώπων τῶν ἐπὶ τῷ τείχει
- 12 Men chèf gad palè a di yo an ebre: -An! Nou konprann se avè wa nou an ansanm ak nou twa la a ase wa mwen an voye m' vin pale pawòl sa yo? Non. Se ak tout moun ki chita sou miray la menm m'ap pale. Yo menm tou pral manje pou pou yo, yo pral bwè pipi yo ansanm ak nou!
But the Rab-shakeh said, Is it to your master or to you that my master has sent me to say these words? has he not sent me to the men seated on the wall? for they are the people who will be short of food with you when the town is shut in.
 και εἶπεν ραψακης πρὸς αὐτοὺς μὴ πρὸς τὸν κύριον ὑμῶν ἢ πρὸς ὑμᾶς ἀπέσταλκέν με ὁ κύριός μου λαλήσαι τοὺς λόγους τούτους οὐχὶ πρὸς τοὺς ἀνθρώπους τοὺς καθημένους ἐπὶ τῷ τείχει ἵνα φάγωσι τὸ κῶπρον και πίωσιν οὔρον μεθ' ὑμῶν ἅμα
- 13 Lè sa a, chèf gad palè a kanpe, li pran pale byen fò an ebre, li di: -Koute sa gran wa a, wa peyi Lasiri a, voye di nou:
Then the Rab-shakeh got up and said with a loud voice in the Jews' language, Give ear to the words of the great king, the king of Assyria:
 και ἔστη ραψακης και ἐβόησεν φωνῇ μεγάλῃ ιουδαῖστί και εἶπεν ἀκούσατε τοὺς λόγους τοῦ βασιλέως τοῦ μεγάλου βασιλέως ἀσσυρίων
- 14 Li voye di nou pa kite Ezekyas twonpe nou. Li pa ka sove nou tande!
This is what the king says: Do not be tricked by Hezekiah, for there is no salvation for you in him.
 τάδε λέγει ὁ βασιλεὺς μὴ ἀπατάτω ὑμᾶς εζεκιας λόγους οἱ οὐ δυνήσονται ῥύσασθαι ὑμᾶς
- 15 Pa kite l' pran tèt nou lè l'ap di nou nou mèt sèten Seyè a pral sove nou, li p'ap lage lavil la nan men wa peyi Lasiri a.
And do not let Hezekiah make you put your faith in the Lord, saying, The Lord will certainly keep us safe, and this town will not be given into the hands of the king of Assyria.
 και μὴ λεγέτω ὑμῖν εζεκιας ὅτι ῥύσεται ὑμᾶς ὁ θεός και οὐ μὴ παραδοθῆ ἡ πόλις αὕτη ἐν χειρὶ βασιλέως ἀσσυρίων
- 16 Pa koute wa Ezekyas! Wa peyi Lasiri a mande pou nou fè lapè avè l', pou nou rann tèt nou ba li. Konsa, nou tout n'a manje rezen nan jaden rezen nou, n'a manje fig frans nan pye fig frans nou, n'a bwè dlo nan pi nou.
Do not give ear to Hezekiah, for this is what the king of Assyria says, Make peace with me, and come out to me; and everyone will be free to take the fruit of his vine and of his fig-tree, and the water of his spring;
 μὴ ἀκούετε εζεκιου τάδε λέγει ὁ βασιλεὺς ἀσσυρίων εἰ βούλεσθε εὐλογηθῆναι ἐκπορεύεσθε πρὸς με και φάγεσθε ἕκαστος τὴν ἄμπελον αὐτοῦ και τὰς συκᾶς και πίεσθε ὕδωρ τοῦ λάκκου ὑμῶν
- 17 Lè wa a va vin isit la, l'a pran nou, l'a mennen nou nan yon lòt peyi ki tankou peyi pa nou an, yon peyi kote ki gen anpil ble pou fè farin ak anpil rezen pou fè diven.
Till I come and take you away to a land like yours, a land of grain and wine, a land of bread and vine-gardens.
 ἕως ἂν ἔλθω και λάβω ὑμᾶς εἰς γῆν ὡς ἡ γῆ ὑμῶν γῆ σίτου και οἴνου και ἄρτων και ἀμπελώνων
- 18 Pa kite Ezekyas pran tèt nou pou nou kwè Seyè a va delivre nou. Eske bondye lòt nasyon yo te delivre yo anba men wa peyi Lasiri a?
Give no attention to Hezekiah when he says to you, The Lord will keep us safe. Has any one of the gods of the nations kept his land from falling into the hands of the king of Assyria?
 μὴ ὑμᾶς ἀπατάτω εζεκιας λέγων ὁ θεὸς ὑμῶν ῥύσεται ὑμᾶς μὴ ἐρρύσαντο οἱ θεοὶ τῶν ἔθνῶν ἕκαστος τὴν ἑαυτοῦ χώραν ἐκ χειρὸς βασιλέως ἀσσυρίων
- 19 Kote bondye moun Amat yo ak bondye moun Apad yo? Kote bondye moun Sefavayim yo? Eske yo te sove peyi Samari anba men l'?'
Where are the gods of Hamath and of Arpad? where are the gods of Sepharvaim? where are the gods of Samaria? and have they kept Samaria out of my hand?
 ποῦ ἐστὶν ὁ θεὸς αιμαθ και αρφαθ και ποῦ ὁ θεὸς τῆς πόλεως σεφαριμ μὴ ἐδύναντο ῥύσασθαι σαμάρειαν ἐκ χειρὸς μου
- 20 Nan tout bondye sa yo, kilès ki te rive sove yonn nan peyi sa yo anba men l'?' Atò, se Seyè a ki ta ka sove lavil Jerizalèm anba men l'?'
Who among all the gods of these countries have kept their country from falling into my hand, to give cause for the thought that the Lord will keep Jerusalem from falling into my hand?
 τίς τῶν θεῶν πάντων τῶν ἔθνῶν τούτων ἐρρύσατο τὴν γῆν αὐτοῦ ἐκ τῆς χειρὸς μου ὅτι ῥύσεται ὁ θεὸς ιερουσαλημ ἐκ χειρὸς μου
- 21 Men pèp la pa louvri bouch li reponn. Yo pa di yon mo paske wa a te bay lòd pou pesonn pa reponn.
But they kept quiet and gave him no answer: for the king's order was, Give him no answer.
 και ἐσιώπησαν και οὐδεὶς ἀπεκρίθη αὐτῷ λόγον διὰ τὸ προστάζει τὸν βασιλέα μηδένα ἀποκριθῆναι

- 22 Apre sa, Elyakim, pitit Ilkiya a, ki te chèf moun k'ap travay nan palè a, Chebna, sekretè a, ak Joak, pitit Asaf la, ki te reskonsab achiv leta a, chire rad sou yo sitèlman sa te fè yo lapenn. Yo tounen al jwenn Ezekyas, yo rapòte l' tou sa chèf gad palè wa Lasiri a te di.
Then Eliakim, the son of Hilkiyah, who was over the house, and Shebna the scribe, and Joah, the son of Asaph, the recorder, came to Hezekiah with their clothing parted as a sign of grief, and gave him an account of what the Rab-shakeh had said.
καὶ εἰσήλθεν ελιακιμ ὁ τοῦ χελκιου ὁ οἰκονόμος καὶ σομνας ὁ γραμματεὺς τῆς δυνάμεως καὶ ιωαχ ὁ τοῦ ασαφ ὁ ὑπομηματογράφος πρὸς εζεκιαν ἐσχισμένοι τοὺς χιτῶνας καὶ ἀπήγγειλαν αὐτῷ τοὺς λόγους ραφακου
- 1 ¶ Lè wa Ezekyas tande pawòl sa yo, li chire rad sou li sitèlman sa te fè l' lapenn, li mete yon rad sak sou li, epi li al nan tanp Seyè a.
And on hearing it Hezekiah took off his robe and put on haircloth and went into the house of the Lord.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἀκοῦσαι τὸν βασιλέα εζεκιαν ἐσχισεν τὰ ἱμάτια καὶ σάκκον περιβάλετο καὶ ἀνέβη εἰς τὸν οἶκον κυρίου
- 2 Li voye Elyakim, chèf moun k'ap travay nan palè a, ak Chebna, sekretè a, ansanm ak chèf prèt yo bò kote pwofèt Ezayi, pitit Amòz la. Yo tout te gen rad sak sou yo.
And he sent Eliakim, who was over the house, and Shebna the scribe, and the chief priests, dressed in haircloth, to Isaiah the prophet, the son of Amoz.
καὶ ἀπέστειλεν ελιακιμ τὸν οἰκονόμον καὶ σομναν τὸν γραμματέα καὶ τοὺς πρεσβυτέρους τῶν ἱερέων περιβεβλημένους σάκκους πρὸς ἠσαιαν υἱὸν αμωσ τὸν προφήτην
- 3 Men mesaj Ezekyas te ba yo pou Ezayi: -Jòdi a se yon jou malè pou nou! Bondye ap pini nou. Se yon wont pou nou. Nou tankou yon fanm ansent ki deja kase lezo men ki pa gen fòs pou li pouse pitit la sotí.
And they said to him, Hezekiah says, This day is a day of trouble and punishment and shame: for the children are ready to come to birth, but there is no strength to give birth to them.
καὶ εἶπαν αὐτῷ τάδε λέγει εζεκιαις ἡμέρα θλίψεως καὶ ὀνειδισμοῦ καὶ ἐλεγμοῦ καὶ ὀργῆς ἢ σήμερον ἡμέρα ὅτι ἦκει ἡ ὥδιν τῇ τικτοῦσῃ ἰσχνὴν δὲ οὐκ ἔχει τοῦ τεκεῖν
- 4 Wa peyi Lasiri a te voye chèf gad palè li a manke Bondye vivan an dega. Se pou Seyè a, Bondye ou la, tande tout jouman sa yo. Se pou l' pini moun ki di pawòl sa yo. Ou menm, se pou ou lapriyè pou rès moun pèp nou an ki vivan toujou.
It may be that the Lord your God will give ear to the words of the Rab-shakeh, whom the king of Assyria, his master, has sent to say evil things against the living God, and will make his words come to nothing: so make your prayer for the rest of the people.
εἰσακούσαι κύριος ὁ θεός σου τοὺς λόγους ραφακου οὓς ἀπέστειλεν βασιλεὺς ἀσσυρίων ὀνειδίζειν θεὸν ζῶντα καὶ ὀνειδίζειν λόγους οὓς ἤκουσεν κύριος ὁ θεός σου καὶ δεηθήσῃ πρὸς κύριον τὸν θεὸν σου περὶ τῶν καταλελειμμένων τούτων
- 5 Moun wa Ezekyas yo al jwenn Ezayi.
So the servants of King Hezekiah came to Isaiah.
καὶ ἦλθον οἱ παῖδες τοῦ βασιλέως πρὸς ἠσαιαν
- 6 Men repons Ezayi ba yo pou wa Ezekyas: -Men sa Seyè a voye di ou: Ou pa bezwen pè tout pawòl ou tande yo, tout jouman moun wa Lasiri yo di sou mwen.
And Isaiah said to them, This is what you are to say to your master: The Lord says, Be not troubled by the words which the servants of the king of Assyria have said against me in your hearing.
καὶ εἶπεν αὐτοῖς ἠσαιας οὕτως ἐρεῖτε πρὸς τὸν κύριον ὑμῶν τάδε λέγει κύριος μὴ φοβηθῆς ἀπὸ τῶν λόγων ὧν ἤκουσας οὓς ὀνειδίσαν με οἱ πρέσβεις βασιλέως ἀσσυρίων
- 7 Mwen pral fè wa Lasiri a tande yon sèl nouvèl, li pral kouri tounen nan peyi l'. Rive li rive, m'ap fè touye l'.
See, I will put a spirit into him, and bad news will come to his ears, and he will go back to his land; and there I will have him put to death.
ἰδοὺ ἐγὼ ἐμβαλῶ εἰς αὐτὸν πνεῦμα καὶ ἀκούσας ἀγγελίαν ἀποστραφήσεται εἰς τὴν χώραν αὐτοῦ καὶ πεσεῖται μαχαίρᾳ ἐν τῇ γῇ αὐτοῦ
- 8 ¶ Chèf gad palè a te vin konnen wa Lasiri a te pati kite Lakis pou l' te al atake lavil Libna. Se la li al jwenn wa a.
So the Rab-shakeh went back, and when he got there the king of Assyria was making war against Libnah: for it had come to his ears that the king of Assyria had gone away from Lachish.
καὶ ἀπέστρεψεν ραφακης καὶ κατέλαβεν πολιορκοῦντα τὸν βασιλέα λομναν καὶ ἤκουσεν βασιλεὺς ἀσσυρίων ὅτι
- 9 Paske wa a te pran nouvèl Tiraka, wa peyi Letiopi a, t'ap moute vin atake l'. Wa a voye lòt mesaje ankò bò kote Ezekyas.
And when news came to him that Tirhakah, king of Ethiopia, had made an attack on him, ... And he sent representatives to Hezekiah, king of Judah, saying,
ἐξῆλθεν θαρακα βασιλεὺς αἰθιοπῶν πολιορκῆσαι αὐτόν καὶ ἀκούσας ἀπέστρεψεν καὶ ἀπέστειλεν ἀγγέλους πρὸς εζεκιαν λέγων
- 10 Li di yo: -Men mesaj n'a bay Ezekyas, wa Jida a, pou mwen. Ou mèt tande Bondye ou la, Bondye ou fè konfyans lan, di ou Jerizalèm p'ap tonbe nan men wa Lasiri a, pa kite l' wonpe ou.
This is what you are to say to Hezekiah, king of Judah: Let not your God, in whom is your faith, give you a false hope, saying, Jerusalem will not be given into the hands of the king of Assyria.
οὕτως ἐρεῖτε εζεκια βασιλεῖ τῆς ἰουδαίας μὴ σε ἀπατάτω ὁ θεός σου ἐφ' ᾧ πεποιθὸς εἶ ἐπ' αὐτῷ λέγων οὐ μὴ παραδοθῆ ἱερουσαλημ εἰς χεῖρας βασιλέως ἀσσυρίων
- 11 Ou te pran nouvèl sa wa Lasiri yo te fè tout lòt peyi yo. Yo te sot pou detwi yo nèt. Atò, se ou menm ki pou ta chape anba men m'!
No doubt the story has come to your ears of what the kings of Assyria have done to all lands, putting them to the curse: and will you be kept safe from their fate?
ἢ οὐκ ἤκουσας ἃ ἐποίησαν βασιλεῖς ἀσσυρίων πᾶσαν τὴν γῆν ὡς ἀπόλεσαν

- 12 Lè zansèt mwen yo te touye dènye moun nan lavil Gozan, lavil Aran, lavil Rezèf ak moun Betedenn yo ki rete lavil Tèlasa, èske bondye nasyon sa yo te delivre yo?
Did the gods of the nations keep safe those on whom my fathers sent destruction, Gozan and Haran and Rezech, and the children of Eden who were in Telassar?
μη ἔρρῶσαντο αὐτοὺς οἱ θεοὶ τῶν ἐθνῶν οὐδὲ οἱ πατέρες μου ἀπόλεσαν τὴν τε γοζαν καὶ харран καὶ ραφες αἱ εἰσιν ἐν χώρᾳ θεμαδ
- 13 Kote wa lavil Amat la, wa lavil Apad la, wa lavil Sefarayim lan, wa lavil Ena ak wa lavil Iva?
Where is the king of Hamath, and the king of Arpad, and the king of the town of Sepharvaim, of Hena, and Ivva?
ποῦ εἰσιν οἱ βασιλεῖς αιμαθ καὶ αρφαθ καὶ πόλεως σεφαριμ αναγ ουγαυα
- 14 Ezekyas pran lèt la nan men mesaje yo, li li l'. Apre sa, li pati al nan tanp lan, li mete lèt la devan lotèl Seyè a.
And Hezekiah took the letter from the hands of those who had come with it; and after reading it, Hezekiah went up to the house of the Lord, opening the letter there before the Lord,
καὶ ἔλαβεν εζεκιας τὸ βιβλίον παρὰ τῶν ἀγγέλων καὶ ἤνοιξεν αὐτὸ ἐναντίον κυρίου
- 15 Epi li vire bò Seyè a, li lapriyè, li di l':
And he made prayer to the Lord, saying,
καὶ προσεῦξάτο εζεκιας πρὸς κύριον λέγων
- 16 -Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, ou menm ki chita sou fotèy zanj cheriben yo ap pote sou zepòl yo a, se ou menm sèl Bondye k'ap gouvènen tout peyi sou latè. Se ou menm ki fè syèl la ak latè a.
O Lord of armies, the God of Israel, seated between the winged ones, you only are the God of all the kingdoms of the earth; you have made heaven and earth.
κύριε σαβαωθ ὁ θεὸς ἰσραηλ ὁ καθηήμενος ἐπὶ τῶν χειρῶν σὺ θεὸς μόνος εἶ πάσης βασιλείας τῆς οἰκουμένης σὺ ἐποίησας τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν
- 17 Panche zòrèy ou, Seyè, pou ou tande. Louvri je ou pou ou wè. Kouste tou sa Senakerib voye di pou manke Bondye vivan an dega.
Let your ear be turned to us, O Lord; let your eyes be open, O Lord, and see: take note of all the words of Sennacherib who has sent men to say evil against the living God.
εἰσάκουσον κύριε εἰσβλεπον κύριε καὶ ἰδὲ τοὺς λόγους οὐδὲ ἀπέστειλεν σενναχηριμ ὄνειδιζεν θεὸν ζῶντα
- 18 Nou konnen, Seyè, wa peyi Lasiri yo te fini ak anpil nasyon, yo te detwi peyi yo.
Truly, O Lord, the kings of Assyria have made waste all the nations and their lands,
ἐπ' ἀληθείας γὰρ ἠρήμωσαν βασιλεῖς ἀσσυρίων τὴν οἰκουμένην ὅλην καὶ τὴν χώραν αὐτῶν
- 19 Yo te boule tout bondye yo paske se pa t' bondye yo te ye. Se estati fèt an bwa ak wòch moun te fè ak men yo. Se poutèt sa yo te rive detwi yo.
And have given their gods to the fire: for they were no gods, but wood and stone, the work of men's hands; so they have given them to destruction.
καὶ ἐνέβαλον τὰ εἰδῶλα αὐτῶν εἰς τὸ πῦρ οὐ γὰρ θεοὶ ἦσαν ἀλλὰ ἔργα χειρῶν ἀνθρώπων ξύλα καὶ λίθοι καὶ ἀπόλεσαν αὐτούς
- 20 Koulye a, Seyè, Bondye nou an, tanpri, delivre nou anba men Senakerib, pou tout nasyon ki sou latè ka konnen se ou menm sèl, Seyè, ki Bondye.
But now, O Lord our God, give us salvation from his hand, so that it may be clear to all the kingdoms of the earth that you, and you only, are the Lord.
σὺ δὲ κύριε ὁ θεὸς ἡμῶν σώσον ἡμᾶς ἐκ χειρὸς αὐτῶν ἵνα γινῶ πᾶσα βασιλεία τῆς γῆς ὅτι σὺ εἶ ὁ θεὸς μόνος
- 21 ¶ Lè sa a, Ezayi, pitit Amòz la, voye mesaj sa a bay Ezekyas. -Ou te lapriyè Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, pou Senakerib, wa peyi Lasiri a. Men repons li voye ba ou.
Then Isaiah, the son of Amoz, sent to Hezekiah, saying, The Lord, the God of Israel, says, The prayer you have made to me against Sennacherib, king of Assyria, has come to my ears.
καὶ ἀπεστάλη ἠσαιας υἱὸς αμωσ πρὸς εζεκιαν καὶ εἶπεν αὐτῷ τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ ἤκουσα ἡ προσηύξω πρὸς με περὶ σενναχηριμ βασιλέως ἀσσυρίων
- 22 Men pawòl Seyè a di sou li: Senakerib, lavil Jerizalèm ki sou mòn Siyon an ap ri ou, l'ap pase ou nan rizib. Moun lavil Jerizalèm yo ap rele chalbari dèyè ou.
This is the word which the Lord has said about him: In the eyes of the virgin daughter of Zion you are shamed and laughed at; the daughter of Jerusalem has made sport of you.
οὗτος ὁ λόγος ὃν ἐλάλησεν περὶ αὐτοῦ ὁ θεὸς ἐφ' αὐτίσιν σε καὶ ἐμυκτήρισέν σε παρθένος θυγάτηρ σιων ἐπὶ σοὶ κεφαλὴν ἐκίνησεν θυγάτηρ ἱερουσαλημ
- 23 Ki moun ou konprann ou derespekte, ou joure konsa? Sou ki moun ou pale fò konsa? Se sou Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
Against whom have you said evil and bitter things? and against whom has your voice been loud and your eyes lifted up? even against the Holy One of Israel.
τίνα ὀνειδίσας καὶ παρῶζυνας ἢ πρὸς τίνα ὕψωσας τὴν φωνήν σου καὶ οὐκ ἦρας εἰς ὕψος τοῦ ὀφθαλμοῦ σου εἰς τὸν ἅγιον τοῦ ἰσραηλ
- 24 Ou voye moun ou yo vin manke Bondye dega. Ou deklare: O wi, avèk tout kantite cha lagè m' yo, mwen moute sou tèt tout mòn ata sou mòn Liban an. Mwen koupe pi gwo pye sèd li yo, pi bèl pye sikren li yo, mwen rive jouk anwo nèt sou tèt li, nan mitan rakbwa li yo ki tankou bèl jaden.
You have sent your servants with evil words against the Lord, and have said, With all my war-carriages I have come up to the top of the mountains, to the inmost parts of Lebanon; and its tall cedars will be cut down, and the best trees of its woods: I will come up into his highest places, into his thick woods.
ὅτι δι' ἀγγέλων ὀνειδίσας κύριον σὺ γὰρ εἶπας τῷ πλήθει τῶν ἀρμάτων ἐγὼ ἀνέβην εἰς ὕψος ὀρέων καὶ εἰς τὰ ἔσχατα τοῦ λιβάνου καὶ ἔκοψα τὸ ὕψος τῆς κέδρου αὐτοῦ καὶ τὸ κάλλος τῆς κυπαρίσσου καὶ εἰσήλθον εἰς ὕψος μέρους τοῦ ὄρους

- 25 Mwen fouye pi nan peyi moun lòt nasyon yo, mwen bwè dlo. Mwen cheche dlo nan tout larivyè Lejip yo pou sòlda mwen yo pase san pye yo pa mouye.
I have made water-holes and taken their waters, and with my foot I have made all the rivers of Egypt dry.
καὶ ἔθηκα γέφυραν καὶ ἠρήμωσα ὕδατα καὶ πᾶσαν συναγωγὴν ὕδατος
- 26 Ou pa t' konnen gen lontan depi mwen te fè lide pou tou sa te rive? Gen lontan depi sa te nan tèt mwen? Koulye a, mwen kite sa rive, pou ou te ka kraze tout lavil ak ranpa yo pou fè yo tounen yon pil demoli.
Has it not come to your ears how I did it long before, purposing it in times long past? Now I have given effect to my design, so that by you strong towns might be turned into masses of broken walls.
οὐ ταῦτα ἤκουσας πάλαι ἢ ἐγὼ ἐποίησα ἐξ ἀρχαίων ἡμερῶν συνέταξα νῦν δὲ ἐπέδειξα ἐξερημῶσαι ἔθνη ἐν ὄχυροῖς καὶ ἐνοικοῦντας ἐν πόλεσιν ὄχυραῖς
- 27 Moun ki te rete la yo te san fòs. Yo te pè, yo pa t' konn sa pou yo fè. Yo te tankou rajè nan jaden, tankou zèb gazon, tankou rajè k'ap pouse sou do kay, tankou pye mayi ki cheche anvan li mete zepi.
This is why their townsmen had no power, they were broken and put to shame; they were like the grass of the field, or a green plant; like the grass on the house-tops, which a cold wind makes waste.
ἀνῆκα τὰς χεῖρας καὶ ἐξηράνθησαν καὶ ἐγένοντο ὡς χόρτος ξηρὸς ἐπὶ δωμάτων καὶ ὡς ἄγρωστις
- 28 Mwen konnen lè ou leve, mwen konnen lè ou chita. Mwen konnen lè ou sot, mwen konnen lè ou antre. Mwen konnen lè ou fin anraje sou mwen.
But I have knowledge of your getting up and your resting, of your going out and your coming in.
νῦν δὲ τὴν ἀνάπαυσίν σου καὶ τὴν ἐξοδὸν σου καὶ τὴν εἰσοδὸν σου ἐγὼ ἐπίσταμαι
- 29 Koulye a, mwen vin konnen jan ou move sou mwen, jan ou vin awogan. Se poutèt sa, mwen mete yon fè won nan bwa nen ou, ak yon mò nan bouch ou. Mwen pral fè ou pran menm chemen ou te pran pou vini an pou ou tounen.
Because your wrath against me and your pride have come to my ears, I will put my hook in your nose and my cord in your lips, and I will make you go back by the way you came.
ὁ δὲ θυμὸς σου ὃν ἐθυμώθης καὶ ἡ πικρία σου ἀνέβη πρὸς με καὶ ἐμβάλῳ φιδὸν εἰς τὴν ῥινά σου καὶ χαλινὸν εἰς τὰ χεῖλιά σου καὶ ἀποστρέψω σε τῇ ὁδῷ ἣ ἦλθες ἐν αὐτῇ
- 30 Apre sa, Ezayi di wa Ezekyas konsa: -Men sa ki pral sèvi yon siy pou ou. Lanne sa a, n'a manje rès grenn ki te tonbe atè. Lanne k'ap vini apre sa a, n'a manje grenn nou pa t' plante. Men, apre sa ankò, n'a ka plante, n'a ka fè rekòt. N'a plante pye rezen, n'a manje rezen.
And this will be the sign to you: you will get your food this year from what comes up of itself, and in the second year from the produce of the same; and in the third year you will put in your seed, and get in the grain, and make vine-gardens, and take of their fruit.
τοῦτο δέ σοι τὸ σημεῖον φάγε τοῦτον τὸν ἐνιαυτὸν ἃ ἔσπαρκας τῷ δὲ ἐνιαυτῷ τῷ δευτέρῳ τὸ κατάλειμμα τῷ δὲ τρίτῳ σπείραντες ἀμήσατε καὶ φυτεύσατε ἀμπελώνας καὶ φάγεσθε τὸν καρπὸν αὐτῶν
- 31 Rès moun peyi Jida ki va chape yo va pran pye ankò. Y'a kanpe ankò.
And those of Judah who are still living will again take root in the earth, and give fruit.
καὶ ἔσονται οἱ καταλειμμένοι ἐν τῇ ἰουδαίᾳ φυήσουσιν ῥίζαν κάτω καὶ ποιήσουσιν σπέρμα ἄνω
- 32 Va gen yon ti rès moun nan lavil Jerizalèm ak sou mòn Siyon an ki va chape. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki sot pou fè sa, paske li renmen ou anpil.
For from Jerusalem those who have been kept safe will go out, and those who are still living will go out of Mount Zion: by the fixed purpose of the Lord of armies this will be done.
ὅτι ἐξ ἱερουσαλὴμ ἐξελεύσονται οἱ καταλειμμένοι καὶ οἱ σωζόμενοι ἐξ ὄρους σιών ὁ ζῆλος κυρίου σαβαωθ ποιήσει ταῦτα
- 33 Men sa Seyè a di sou wa peyi Lasiri a: Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a. Li p'ap gen tan voye yon sèl grenn flèch sou li. P'ap gen yon sèl sòlda ak plak pwotèj k'ap pwoche bò kote l'. Ni yo p'ap fouye twou pou sènen l'.
For this cause the Lord says about the king of Assyria, He will not come into this town, or send an arrow against it; he will not come before it with arms, or put up an earthwork against it.
διὰ τοῦτο οὕτως λέγει κύριος ἐπὶ βασιλείᾳ ἀσσυρίων οὐ μὴ εἰσέλθῃ εἰς τὴν πόλιν ταύτην οὐδὲ μὴ βάλλῃ ἐπ' αὐτὴν βέλος οὐδὲ μὴ ἐπιβάλλῃ ἐπ' αὐτὴν θυρεὸν οὐδὲ μὴ κυκλώσῃ ἐπ' αὐτὴν χάρακα
- 34 Chemen li te pran pou l' vini an, se li menm l'ap pran pou l' tounen. Li p'ap mete pye l' nan lavil sa a. Se mwen menm, Seyè a menm, ki di sa.
By the way he came he will go back, and he will not get into this town.
ἀλλὰ τῇ ὁδῷ ἣ ἦλθεν ἐν αὐτῇ ἀποστραφήσεται τάδε λέγει κύριος
- 35 M'ap pwoteje lavil sa a, m'ap delivre l' pou m' fè respè tèt mwen, pou m' kenbe pwomès mwen te fè David, sèvitè m' lan.
For I will keep this town safe, for my honour, and for the honour of my servant David.
ὑπερασπιῶ ὑπὲρ τῆς πόλεως ταύτης τοῦ σῶσαι αὐτὴν δι' ἐμέ καὶ διὰ δαυὶδ τὸν παῖδά μου
- 36 Zanj Seyè a al nan kan moun Lasiri yo, li touye sankatrevensenk mil sòlda. Nan maten, lè moun leve, se kadav yo ase yo jwenn. Yo tout te mouri.
And the angel of the Lord went out and put to death in the army of the Assyrians a hundred and eighty-five thousand men: and when the people got up early in the morning, there was nothing to be seen but dead bodies.
καὶ ἐξῆλθεν ἄγγελος κυρίου καὶ ἀνεῖλεν ἐκ τῆς παρεμβολῆς τῶν ἀσσυρίων ἑκατὸν ὀγδοήκοντα πέντε χιλιάδας καὶ ἑξαναστάντες τὸ πρωὶ εὔρον πάντα τὰ σώματα νεκρά

- 37 Senakerib, wa peyi Lasiri a, leve, li pati. Li tounen lavil Niniv.
Sennacherib, king of Assyria, went back to his place at Nineveh.
καὶ ἀποστραφεὶς ἀπῆλθεν βασιλεὺς ἀσσυρίων καὶ ᾤκησεν ἐν νινευῆ
- 38 Yon jou, antan wa a t'ap fè sèvis nan tanp Niswòk, bondye li a, de nan pitit gason l' yo touye l' ak nepe yo, epi yo kouri al kache nan peyi Arara. Yo te rele Adramelèk ak Sarezè. Se yon lòt nan pitit gason l' yo ki te rele Asaradon, ki te vin moute wa nan plas li.
And it came about, when he was worshipping in the house of Nisroch his god, that his sons Adrammelech and Sharezer put him to death with the sword, and they went in flight into the land of Ararat. And Esar-haddon, his son, became king in his place.
καὶ ἐν τῷ αὐτῷ προσκυνοῦν ἐν τῷ οἴκῳ νασαραχ τὸν παταχρον αὐτοῦ ἀδραμελεχ καὶ σαρασαρ οἱ υἱοὶ αὐτοῦ ἐπάταξαν αὐτὸν μαχαίραις αὐτοὶ δὲ διεσώθησαν εἰς ἄρμενίαν καὶ ἐβασίλευσεν ασορδαν ὁ υἱὸς αὐτοῦ ἀντ' αὐτοῦ
- 1 ¶ Vè menm epòk sa a, Ezekyas tonbe malad, li te prèt pou l' mourì. Pwofèt Ezayi, pitit Amòz la, vin wè li, li di l' konsa: -Men sa Seyè a voye di ou: Ou mèt mete lòd nan zafè ou paske ou pral mourì. Pa gen rechap pou ou.
In those days Hezekiah was ill and near death. And Isaiah the prophet, the son of Amoz, came to him, and said to him, The Lord says, Put your house in order; for your death is near.
ἐγένετο δὲ ἐν τῷ καιρῷ ἐκεῖνῳ ἐμαλακίσθη ἐζεκιας ἕως θανάτου καὶ ἦλθεν πρὸς αὐτὸν ἠσαιας υἱὸς αμωσ ὁ προφήτης καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν τάδε λέγει κύριος τᾶξαι περὶ τοῦ οἴκου σου ἀποθνήσκεις γὰρ ρ σὺ καὶ οὐ ζήσῃ
- 2 Ezekyas vire figi li bay panno a fas, li lapriyè Seyè a.
And Hezekiah, turning his face to the wall, made his prayer to the Lord, saying,
καὶ ἀπέστρεψεν ἐζεκιας τὸ πρόσωπον αὐτοῦ πρὸς τὸν τοίχον καὶ προσήυξατο πρὸς κύριον
- 3 Li di: -Tanpri, Seyè! Chonje jan mwen te sèvi ou ak tout kè mwen san m' pa janm vire do ba ou! Mwen te toujou fè sa ou te vle m' fè. Epi li pran kriye kont kriye l'.
O Lord, keep in mind how I have been true to you with all my heart, and have done what is good in your eyes. And Hezekiah gave way to bitter weeping.
λέγων μνήσθητι κύριε ὡς ἐπορεύθην ἐνώπιόν σου μετὰ ἀληθείας ἐν καρδίᾳ ἀληθινῇ καὶ τὰ ἀρεστὰ ἐνώπιόν σου ἐποίησα καὶ ἐκλαυσεν ἐζεκιας κλαυθμῷ μεγάλῳ
- 4 Lè sa a, Seyè a pale ak Ezayi, li di l' konsa:
Then the word of the Lord came to Isaiah, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς ἠσαιαν λέγων
- 5 -Tounen al jwenn Ezekyas. W'a di l' pou mwen, men sa Seyè a, Bondye David, zansèt ou a, voye di ou: Mwen tande lapriyè ou. Mwen wè jan sa fè ou mal. M'ap kite ou viv kenan ankò.
Go to Hezekiah, and say, The Lord, the God of David, your father, says, Your prayer has come to my ears, and I have seen your weeping: see, I will give you fifteen more years of life.
πορεύθητι καὶ εἰπὸν ἐζεκια τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς δαυὶδ τοῦ πατρὸς σου ἤκουσα τῆς φωνῆς τῆς προσευχῆς σου καὶ εἶδον τὰ δάκρυά σου ἰδοὺ προστίθημι πρὸς τὸν χρόνον σου ἔτη δέκα πέντε
- 6 M'ap delivre ou ansanm ak lavil Jerizalèm anba men wa Lasiri a. M'a pran defans lavil la.
And I will keep you and this town safe from the hands of the king of Assyria: and I will keep watch over this town.
καὶ ἐκ χειρὸς βασιλέως ἀσσυρίων σώσω σε καὶ ὑπὲρ τῆς πόλεως ταύτης ὑπερασπιῶ
- 7 Ezayi reponn li: -Men siy Seyè a pral fè ou wè pou ou ka konnen l' ap kenbe pawòl li.
And Isaiah said, This is the sign the Lord will give you, that he will do what he has said:
τοῦτο δέ σοι τὸ σημεῖον παρὰ κυρίου ὅτι ὁ θεὸς ποιήσει τὸ ῥῆμα τοῦτο
- 8 Gade kadran solèy wa Akaz te fè a. Seyè a pral fè lonbraj la fè bak sou dis ti mak. Epi vre, lonbraj la mache fè bak sou dènye dis ti mak li te fin depase.
See, I will make the shade which has gone down on the steps of Ahaz with the sun, go back ten steps. So the shade went back the ten steps by which it had gone down.
τὴν σκιὰν τῶν ἀναβαθμῶν οὓς κατέβη ὁ ἥλιος τοὺς δέκα ἀναβαθμοὺς τοῦ οἴκου τοῦ πατρὸς σου ἀποστρέψω τὸν ἥλιον τοὺς δέκα ἀναβαθμοὺς καὶ ἀνέβη ὁ ἥλιος τοὺς δέκα ἀναβαθμοὺς οὓς κατέβη ἡ σκιά
- 9 ¶ Men kantik Ezekyas, wa a, te chante lè li refè apre maladi li a:
The writing of Hezekiah, king of Judah, after he had been ill, and had got better from his disease.
προσευχὴ ἐζεκιου βασιλέως τῆς ἰουδαίας ἠνίκα ἐμαλακίσθη καὶ ἀνέστη ἐκ τῆς μαλακίας αὐτοῦ
- 10 Mwen t'ap di nan kè m' se mwaye nan lavi m' ase mwen viv. Gade mwen gen tan pral mourì. Mwen rive nan pòt pou m' antre kote mò yo ye a. M'ap mourì anvan lè m'.
I said, In the quiet of my days I am going down into the underworld: the rest of my years are being taken away from me.
ἐγὼ εἶπα ἐν τῷ ὕψει τῶν ἡμερῶν μου ἐν πύλαις ᾄδου καταλείψω τὰ ἔτη τὰ ἐπίλοιπα

- 11 Mwen te kwè mwen pa t'ap janm gen chans ankò pou m' te wè Seyè a sou latè kote moun vivan yo ye a, ni pou m' te wè pesonn ankò nan moun k'ap viv sou latè.
- 15 Se mwen menm Seyè a, Bondye pa nou an, ki you Bondye apa. Se mwen menm ki te kreye pèp Izrayèl la. Se mwen menm ki wa nou!
I am the Lord, your Holy One, the Maker of Israel, your King.
ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὁ ἅγιος ὑμῶν ὁ καταδείξας ἰσραὴλ βασιλεῖα ὑμῶν
- 16 Nan tan lontan, se li menm, Seyè a, ki te louvri you chemen nan mitan lanmè a pou nou. Li te fè you wout nan mitan gwo dlo ki te fin debòde yo.
This is the word of the Lord, who makes a way in the sea, and a road through the deep waters;
οὕτως λέγει κύριος ὁ διδοὺς ὁδὸν ἐν θαλάσῃ καὶ ἐν ὕδατι ἰσχυρῶ τρίβον
- 17 Li te fè moun yo sanble you gwo lame ak anpil zam, anpil cha lagè ak tout chwal yo. Li fè yo tonbe atè, yo pa janm ka leve ankò. Yo mouri tankou you bouji lè ou souffle sou li.
Who sends out the war-carriages and the horses, the army with all its force; they have come down, they will not get up again; like a feebly burning light they are put out.
ὁ ἐξαγαγὼν ἄρματα καὶ ἵππον καὶ ὄχλον ἰσχυρόν ἀλλὰ ἐκοιμήθησαν καὶ οὐκ ἀναστήσονται ἐσβέσθησαν ὡς λίνον ἐσβεσμένον
- 18 Men sa Seyè a di: Pa chita ap chonje tan lontan. Pa rete ap kalkile sa ki fin pase!
Give no thought to the things which are past; let the early times go out of your minds.
μὴ μνημονεύετε τὰ πρότα καὶ τὰ ἀρχαῖα μὴ συλλογίζεσθε
- 19 Men m'ap fè you lòt bagay pou nou. Li konmanse rive deja. Nou pa wè li? Mwen pral fè you wout nan mitan dezè a. Mwen pral fè you gwo dlo koule nan savann lan.
See, I am doing a new thing; now it is starting; will you not take note of it? I will even make a way in the waste land, and rivers in the dry country.
ἰδοὺ ποιῶ καινὰ ἃ νῦν ἀνατελεῖ καὶ γνῶσεσθε αὐτὰ καὶ ποιήσω ἐν τῇ ἐρήμῳ ὁδὸν καὶ ἐν τῇ ἀνύδρῳ ποταμούς

- 20 Bèt nan bwa pral fè lwanj mwen. Chen mawon ak otrich pral fè fèt pou mwen. Paske m'ap mete dlo nan dezè a. M'ap fè gwo dlo koule nan savann lan pou pèp mwen chwazi pou rele m' pa m' lan ka jwenn dlo pou yo bwè.
The beasts of the field will give me honour, the jackals and the ostriches: because I send out waters in the waste land, and rivers in the dry country, to give drink to the people whom I have taken for myself:
εὐλογήσει με τὰ θηρία τοῦ ἀγροῦ σειρήνες καὶ θυγατέρες στρουθῶν ὅτι ἔδωκα ἐν τῇ ἐρήμῳ ὕδωρ καὶ ποταμούς ἐν τῇ ἀνύδρῳ ποτίσαι τὸ γένος μου τὸ ἐκλεκτόν
- 21 Pèp mwen te fè pou mwen an va chante, l'a fè lwanj mwen.
Even the people whom I made to be the witnesses of my praise.
λαόν μου ὃν περιποιησάμην τὰς ἀρετὰς μου διηγείσθαι
- 22 ¶ Seyè a di: -Men se pa mwen menm nou te sèvi, nou menm fanmi Jakòb yo! Nou menm pèp Izrayèl la, nou te bouke avè m'.
But you have made no prayer to me, O Jacob: and you have given no thought to me, O Israel.
οὐ νῦν ἐκάλεσά σε ἰακωβ οὐδὲ κοπιᾶσαι σε ἐποίησα ἰσραηλ
- 23 Nou pa t' ofri mouton nou yo pou yo te boule pou mwen. Se pa t' pou fè lwanj mwen nou te touye bèt nou yo. Mwen pa t' fòse nou fè ofrann grenn jaden nou yo pou mwen. Mwen pa t' fatigue nou pou lansan nou pa boule pou mwen.
You have not made me burned offerings of sheep, or given me honour with your offerings of beasts; I did not make you servants to give me an offering, and I did not make you tired with requests for perfumes.
οὐκ ἐμοὶ πρόβατα τῆς ὀλοκαρπώσεώς σου οὐδὲ ἐν ταῖς θυσίαις σου ἐδόξασάς με οὐδὲ ἔγκοπον ἐποίησά σε ἐν λιβάνῳ
- 24 Nou pa t' depanse lajan nou achte lansan pou mwen. Ni nou pa t' ofri m' grès bèt nou touye yo pou sa te fè m' plezi. Men, se nou menm ki kraze m' ak peche nou yo. Se nou menm ki fatigue m' ak mechanste n'ap fè yo.
You have not got me sweet-smelling plants with your money, or given me pleasure with the fat of your offerings: but you have made me a servant to your sins, and you have made me tired with your evil doings.
οὐδὲ ἐκτήσω μοι ἀργυρίου θυμίαμα οὐδὲ τὸ στέαρ τῶν θυσιῶν σου ἐπεθύμησα ἀλλὰ ἐν ταῖς ἀμαρτίαις σου καὶ ἐν ταῖς ἀδικίαις σου προέστην σου
- 25 Se mwen menm ankò k'ap efase tou sa nou fè ki mal. Se paske se mwen kifè m'ap fè l'. Mwen p'ap kenbe nou nan kè poutèt peche nou yo.
I, even I, am he who takes away your sins; and I will no longer keep your evil doings in mind.
ἐγὼ εἰμι ἐγὼ εἰμι ὁ ἐξαλείφων τὰς ἀνομίας σου καὶ οὐ μὴ μνησθήσομαι
- 26 Ede m' chonje sa ki te pase. Ann konparèt ansanm nan tribinal la. Ou pral pale pou defann tèt ou, pou fè wè se ou ki gen rezon.
Put me in mind of this; let us take up the cause between us: put forward your cause, so that you may be seen to be in the right.
σὺ δὲ μνησθητι καὶ κριθώμεν λέγει σὺ τὰς ἀνομίας σου πρῶτος ἵνα δικαιωθῆς
- 27 Premye zansèt nou an te fè sa li pa t' dwe fè. Mesaje nou yo te vire do ban mwen.
Your first father was a sinner, and your guides have gone against my word.
οἱ πατέρες ὑμῶν πρῶτοι καὶ οἱ ἄρχοντες αὐτῶν ἠνόμησαν εἰς ἐμέ
- 28 Se poutèt sa mwen avili moun ki reskonsab kay yo mete apa pou mwen an. Se poutèt sa mwen lage fanmi Jakòb la pou yo detwi yo nèt. Mwen kite yo pase moun pèp Izrayèl yo nan betiz.
Your chiefs have made my holy place unclean, so I have made Jacob a curse, and Israel a thing of shame.
καὶ ἐμίαναν οἱ ἄρχοντες τὰ ἁγία μου καὶ ἔδωκα ἀπολέσαι ἰακωβ καὶ ἰσραηλ εἰς ὄνειδισμόν
- 1 ¶ Seyè a di ankò: -Koute m' byen koulye a, nou menm fanmi Jakòb, sèvitè m' yo, nou menm pèp Izrayèl mwen te chwazi pou mwen an.
And now, give ear, O Jacob my servant, and Israel whom I have taken for myself:
νῦν δὲ ἄκουσον παῖς μου ἰακωβ καὶ ἰσραηλ ὃν ἐξελεξάμην
- 2 Men sa Seyè ki te kreye nou an, Seyè k'ap ede nou depi nan vant manman nou an, di: -Nou pa bezwen pè anyen, nou menm fanmi Jakòb, sèvitè m' yo, nou menm pèp Jechouwoun mwen te chwazi pou mwen an.
The Lord who made you, forming you in your mother's body, the Lord, your helper, says, Have no fear, O Jacob my servant, and you, Jeshurun, whom I have taken for myself.
οὕτως λέγει κύριος ὁ θεὸς ὁ ποιήσας σε καὶ ὁ πλάσας σε ἐκ κοιλίας ἔτι βοηθηθήσῃ μὴ φοβοῦ παῖς μου ἰακωβ καὶ ὁ ἡγαπημένος ἰσραηλ ὃν ἐξελεξάμην
- 3 M'ap vide dlo sou tè sèk la. M'ap fè sous dlo koule nan dezè a. M'ap bay pitit nou yo pouwva lespri mwen. M'ap voye benediksyon m' sou pitit pitit nou yo.
For I will send water on the land needing it, and streams on the dry earth: I will let my spirit come down on your seed, and my blessing on your offspring.
ὅτι ἐγὼ δώσω ὕδωρ ἐν δίψει τοῖς πορευομένοις ἐν ἀνύδρῳ ἐπιθήσω τὸ πνεῦμά μου ἐπὶ τὸ σπέρμα σου καὶ τὰς εὐλογίας μου ἐπὶ τὰ τέκνα σου

- 4 Yo pral pouse tankou zèb ki jwenn lapli, tankou banbou bò larivyè.
And they will come up like grass in a well-watered field, like water-plants by the streams.
καὶ ἀνατελοῦσιν ὡσεὶ χόρτος ἀνὰ μέσον ὕδατος καὶ ὡς ἰτέα ἐπὶ παραρρέον ὕδωρ
- 5 Yonn apre lòt, moun yo pral di: -Se pou Seyè a mwen ye! Y'a vin mete tèt yo ansanm ak fanmi Jakòb yo. Yo tout pral make non Seyè a nan pla men yo. Y'a di se moun pèp Izrayèl la yo ye tou.
One will say, I am the Lord's; and another will give himself the name, Jacob; another will put a mark on his hand, I am the Lord's, and another will take the name of Israel for himself.
οὗτος ἐρεῖ τοῦ θεοῦ εἰμι καὶ οὗτος βοήσεται ἐπὶ τῷ ὀνόματι ἰακωβ καὶ ἕτερος ἐπιγράψει τοῦ θεοῦ εἰμι ἐπὶ τῷ ὀνόματι ἰσραηλ
- 6 Seyè ki wa pèp Izrayèl la, Seyè ki gen tout pouvwa a, li menm k'ap delivre pèp la, men sa li di: -Se mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout bagay. Pa gen lòt bondye pase mwen menm sèl.
The Lord, the King of Israel, even the Lord of armies who has taken up his cause, says, I am the first and the last, and there is no God but me.
οὕτως λέγει ὁ θεὸς ὁ βασιλεὺς τοῦ ἰσραηλ ὁ ῥυσάμενος αὐτὸν θεὸς σαβαωθ ἐγὼ πρῶτος καὶ ἐγὼ μετὰ ταῦτα πλὴν ἐμοῦ οὐκ ἔστιν θεός
- 7 Kilès ki tankou m'? Se pou l' kanpe di sa! Se pou l' fè nou konn sa, se pou l' ban m' prèy la! Se pou l' di tou sa ki pase depi nan konmansman! Se pou l' fè konnen davans sa ki gen pou rive.
If there is one like me, let him come forward and say it, let him make it clear and put it in order before me: who has made clear in the past the things to come? let him make clear the future to me.
τίς ὅσπερ ἐγὼ στήτω καλεσάτω καὶ ἐτοιμασάτω μοι ἄφ' οὗ ἐποίησα ἄνθρωπον εἰς τὸν αἶωνα καὶ τὰ ἐπερχόμενα πρὸ τοῦ ἔλθειν ἀναγγελάτωσαν ὑμῖν
- 8 Nou pa bezwen pè, nou pa bezwen tranble. Depi lontan mwen te fè nou konn sa, mwen te di nou sa. Nou pral kanpe pale pou mwen. Eske gen lòt bondye pase mwen menm? Eske gen lòt bondye ki ka pwoteje moun? Mwen menm, mwen pa konnen l'.
Have no fear, be strong in heart; have I not made it clear to you in the past, and let you see it? and you are my witnesses. Is there any God but me, or a Rock of whom I have no knowledge?
μὴ παρακαλύπτεσθε οὐκ ἂπ' ἀρχῆς ἠγνωσίασθε καὶ ἀπίγγελα ὑμῖν μάρτυρες ὑμεῖς ἔστε εἰ ἔστιν θεὸς πλὴν ἐμοῦ καὶ οὐκ ἦσαν τότε
- 9 ¶ Tout moun k'ap fè estati zidòl yo, se moun ki pa vo anyen. Bondye yo renmen anpil yo pa ka fè anyen pou yo. Moun k'ap pran pou yo se moun ki pa wè, moun ki pa konn anyen. Se pou sa yo pral wont pita.
Those who make a pictured image are all of them as nothing, and the things of their desire will be of no profit to them: and their servants see not, and have no knowledge; so they will be put to shame.
οἱ πλάσσοντες καὶ γλύφοντες πάντες μάταιοι οἱ ποιοῦντες τὰ κατὰ θέμια αὐτῶν ἃ οὐκ ὠφελήσει αὐτούς ἀλλὰ αἰσχυνθήσονται
- 10 Ki moun k'ap fè pòtre yon bondye, k'ap fonn metal pou fè yon estati san li pa wè avantaj li ladan l'?
Whoever makes a god, makes nothing but a metal image in which there is no profit.
πάντες οἱ πλάσσοντες θεὸν καὶ γλύφοντες ἀνοφελῆ
- 11 Moun k'ap sèvi estati zidòl yo pral wont. Moun k'ap fè estati yo, se moun yo ye. Se pou yo vini pou yo konparèt devan tribinal la. Se pou yo pè, se pou yo wont!
Truly, all those who make use of secret arts will be put to shame, and their words of power are only words of men: let them all come forward together; they will all be in fear and be put to shame.
καὶ πάντες ὅθεν ἐγένοντο ἐξηράνθησαν καὶ κωφοὶ ἀπὸ ἀνθρώπων συναχθήτωσαν πάντες καὶ στήτωσαν ἅμα ἐντραπήτωσαν καὶ αἰσχυνθήτωσαν ἅμα
- 12 Bòs fòjon an pran yon moso fè, li mete l' nan dife, li travay li ak mato. Li ba l' fòm li vle ak fòs ponyèt li. Li pa manje, li vin fèb. Li pa bwè dlo, li pa kapab ankò.
The iron-worker is heating the metal in the fire, giving it form with his hammers, and working on it with his strong arm: then for need of food his strength gives way, and for need of water he becomes feeble.
ὅτι ὥζυνεν τέκτων σίδηρον σκεπάρων εἰργάσατο αὐτὸ καὶ ἐν τερέτρῳ ἔτρησεν αὐτὸ εἰργάσατο αὐτὸ ἐν τῷ βραχίονι τῆς ἰσχύος αὐτοῦ καὶ πεινάσει καὶ ἀσθενήσει καὶ οὐ μὴ πῖνῃ ὕδωρ ἐκλεξάμενος
- 13 Moun k'ap travay bwa a menm pran mezi yon moso bwa, li trase pòtre zidòl la sou li ak moso lakre, li travay li ak sizo. Li ba li fòm yon moun, fòm yon bèl moun, pou l' mete l' nan yon tanp.
The woodworker is measuring out the wood with his line, marking it out with his pencil: after smoothing it with his plane, and making circles on it with his instrument, he gives it the form and glory of a man, so that it may be placed in the house.
τέκτων ξύλον ἔστησεν αὐτὸ ἐν μέτρῳ καὶ ἐν κόλλῃ ἐρρόθμισεν αὐτὸ ἐποίησεν αὐτὸ ὡς μορφὴν ἀνδρὸς καὶ ὡς ὠραιότητα ἀνθρώπου στήσαι αὐτὸ ἐν οἴκῳ
- 14 Li ka koupe yon pye sèd. Li ka chwazi yon pye chenn, osinon yon pye kajou nan rakkwa a. Li ka plante yon pye pichpen epi li tann pou lapli fè l' grandi.
He has cedars cut down for himself, he takes an oak and lets it get strong among the trees of the wood; he has an ash-tree planted, and the rain gives it growth.
ὁ ἔκοψεν ξύλον ἐκ τοῦ ὄρυμοῦ ὃ ἐφύτευσεν κύριος καὶ ὑετὸς ἐμήκυνεν
- 15 Moun sèvi ak moso nan rès bwa a pou boule. Yo fè dife pou yo chofe kò yo, pou yo kwit manje. Avèk rès bwa a yo fè yon bondye pou yo sèvi, yon estati pou yo mete ajenou devan l'.
Then it will be used to make a fire, so that a man may get warm; he has the oven heated with it and makes bread: he makes a god with it, to which he gives worship: he makes a pictured image out of it, and goes down on his face before it.
ἴνα ἡ ἀνθρώποις εἰς καθῆσιν καὶ λαβῶν ἂπ' αὐτοῦ θερμάνη καὶ καύσαντες ἔψωσαν ἄρτους ἐπ' αὐτῶν τὸ δὲ λοιπὸν εἰργάσαντο εἰς θεοῦς καὶ προσκυνοῦσιν αὐτούς

- 16 Avèk mwatye nan bwa a, yo fè dife, yo griye vyann, yo manje plen vant yo. Yo chofe kò yo tou, epi yo di: Dife a bon! Li cho! Ala bèl dife!
With part of it he makes a fire, and on the fire he gets meat cooked and takes a full meal: he makes himself warm, and says, Aha! I am warm, I have seen the fire:
 οὐ τὸ ἥμισυ αὐτοῦ κατέκαυσαν ἐν πυρὶ καὶ καύσαντες ἔπεψαν ἄρτους ἐπ' αὐτῶν καὶ ἐπ' αὐτοῦ κρέας ὀπτήσας ἔφαγεν καὶ ἐνεπλήσθη καὶ θερμανθεὶς εἶπεν ἡδύ μοι ὅτι ἔθερμάνθην καὶ εἶδον πῦρ
- 17 Avèk rès bwa a, yo fè estati yon bondye pou yo sèvi. Yo mete ajenou devan l', yo lapriyè devan l', y'ap di: Ou se bondye mwen. Delivre m' non!
And the rest of it he makes into a god, even his pictured image: he goes down on his face before it, giving worship to it, and making prayer to it, saying, Be my saviour; for you are my god.
 τὸ δὲ λοιπὸν ἐποίησεν εἰς θεὸν γλυπτὸν καὶ προσκυνεῖ αὐτῷ καὶ προσεύχεται λέγων ἐξελοῦ με ὅτι θεός μου εἶ σύ
- 18 Moun sa yo pa konn anyen, yo pa konprann anyen, paske je yo bouche, yo pa ka wè. Lespri yo bouche, yo pa konprann anyen.
They have no knowledge or wisdom; for he has put a veil over their eyes, so that they may not see; and on their hearts, so that they may not give attention.
 οὐκ ἔγνωσαν φρονῆσαι ὅτι ἀπημαυρώθησαν τοῦ βλέπειν τοῖς ὀφθαλμοῖς αὐτῶν καὶ τοῦ νοῆσαι τῆ καρδιά αὐτῶν
- 19 Moun k'ap fè zidòl yo pa kalkile nan tèt yo, yo pa konn anyen, yo pa gen konprann pou yo ta di: Mwen boule mwatye bwa a nan dife. Mwen kwit manje sou chabon dife a. Mwen griye vyann pou m' manje. Avèk rès bwa a mwen fè yon bagay k'ap avili m', yon zidòl. M'ap adore yon bout bwa!
And no one takes note, no one has enough knowledge or wisdom to say, I have put part of it in the fire, and made bread on it; I have had a meal of the flesh cooked with it: and am I now to make the rest of it into a false god? am I to go down on my face before a bit of wood?
 καὶ οὐκ ἐλογίσατο τῆ καρδιά αὐτοῦ οὐδὲ ἀνελογίσατο ἐν τῇ ψυχῇ αὐτοῦ οὐδὲ ἔγνω τῆ φρονήσει ὅτι τὸ ἥμισυ αὐτοῦ κατέκαυσεν ἐν πυρὶ καὶ ἔπεψεν ἐπὶ τῶν ἀνθρώκων αὐτοῦ ἄρτους καὶ ὀπτήσας κρέας ἔφαγεν καὶ τὸ λοιπὸν αὐτοῦ εἰς βδέλυγμα ἐποίησεν καὶ προσκυνούσιν αὐτῷ
- 20 Se tankou si yo te mete konfyans yo nan sann dife. Se tèt yo y'ap twonpe. Yo pèdi wout yo. Yo p'ap ka sove lavi yo, yo pa konprann zidòl yo gen nan men yo a se pa bondye li ye.
As for him whose food is the dust of a dead fire, he has been turned from the way by a twisted mind, so that he is unable to keep himself safe by saying, What I have here in my hand is false.
 γινώτε ὅτι σποδὸς ἡ καρδιά αὐτῶν καὶ πλανῶνται καὶ οὐδεὶς δύναται ἐξελεῖσθαι τὴν ψυχὴν αὐτοῦ ἴδετε οὐκ ἐρεῖτε ὅτι ψευδὸς ἐν τῇ δεξιᾷ μου
- 21 ¶ Seyè a di: -Nou menm fanmi Jakòb yo, chonje bagay sa yo byen! Nou menm pèp Izrayèl, chonje se sèvitè m' nou ye. Se mwen menm ki te fè nou pou nou te ka sèvi m'. Mwen p'ap janm bliye nou!
Keep these things in mind, O Jacob; and you Israel, for you are my servant: I have made you; you are my servant; O Israel, I will not let you go out of my memory.
 μνήσθητι ταῦτα ἰακωβ καὶ ἰσραὴλ ὅτι παῖς μου εἶ σύ ἐπλάσα σε παῖδά μου καὶ σύ ἰσραὴλ μὴ ἐπιλανθάνου μου
- 22 Mwen te fè peche nou yo disparèt devan je m' tankou yon nwaj nan syèl la. Tounen vin jwenn mwen non, paske se mwen menm ki te delivre nou.
I have put your evil doings out of my mind like a thick cloud, and your sins like a mist: come back to me; for I have taken up your cause.
 ἰδοὺ γὰρ ἀπήλειψα ὡς νεφέλην τὰς ἀνομίας σου καὶ ὡς γνόφον τὰς ἁμαρτίας σου ἐπιστράφητι πρὸς με καὶ λυτρώσομαί σε
- 23 Ou menm syèl la, chante byen fò! Se pou tout kote ki byen fon anba tè a fè fèt! Se pou mòn yo rele tank yo kontan! Se pou rakbwa yo ansanm ak tout pyebwa ki ladan yo danse fè fèt. Paske Seyè a delivre fanmi Jakòb la, li fè moun Izrayèl yo wè pouwnv li.
Make a song, O heavens, for the Lord has done it: give a loud cry, you deep parts of the earth: let your voices be loud in song, you mountains, and you woods with all your trees: for the Lord has taken up the cause of Jacob, and will let his glory be seen in Israel.
 εὐφράνητε οὐρανοὶ ὅτι ἠλέησεν ὁ θεὸς τὸν ἰσραὴλ σαλπίζατε θεμέλια τῆς γῆς βοήσατε ὄρη εὐφροσύνην οἱ βουνοὶ καὶ πάντα τὰ ξύλα τὰ ἐν αὐτοῖς ὅτι ἐλυτρώσατο ὁ θεὸς τὸν ἰακωβ καὶ ἰσραὴλ δοξασ θήσεται
- 24 Men sa Seyè a di, li menm ki delivre nou, li menm ki te fè nou depi nan vant manman nou: -Se mwen menm, Seyè a, ki fè tout bagay. Se pou kont mwen mwen te louvri syèl la anwo tèt nou. Lè m' t'ap fè latè, kilès ki te ede m'?
The Lord, who has taken up your cause, and who gave you life in your mother's body, says, I am the Lord who makes all things; stretching out the heavens by myself, and giving the earth its limits; who was with me?
 οὕτως λέγει κύριος ὁ λυτρούμενός σε καὶ ὁ πλάσσων σε ἐκ κοιλίας ἐγὼ κύριος ὁ συντελὼν πάντα ἐξέτεινα τὸν οὐρανὸν μόνος καὶ ἐστερέωσα τὴν γῆν τίς ἕτερος
- 25 Se mwen menm ki fè siy yo te predi yo pèdi sans yo. Se mwen menm ki fè divinò yo depale. Mwen demanti pawòl moun save yo. Mwen fè yo wè tout konesans yo se bagay moun fou.
Who makes the signs of those who give word of the future come to nothing, so that those who have knowledge of secret arts go off their heads; turning the wise men back, and making their knowledge foolish:
 διασκεδάσει σημεῖα ἔγαστριμύθων καὶ μαντείας ἀπὸ καρδίας ἀποστρέφων φρονίμους εἰς τὰ ὀπίσω καὶ τὴν βουλὴν αὐτῶν μορεύων
- 26 Men lè sèvitè m' pale, mwen ba l' rezon. Lè mesaje m' yo bay yon pawòl, mwen fè l' rive vre. Mwen di moun va rete lavil Jerizalèm ankò. Yo pral rebati lavil peyi Jida yo. Lavil li yo ki te bandonnen pral kanpe ankò.
Who makes the word of his servants certain, and gives effect to the purposes of his representatives; who says of Jerusalem, Her people will come back to her; and of the towns of Judah, I will give orders for their building, and will make her waste places fertile again:
 καὶ ἰσθῶν ῥήματα παιδὸς αὐτοῦ καὶ τὴν βουλὴν τῶν ἀγγέλων αὐτοῦ ἀληθεύων ὁ λέγων ἱερουσαλὴμ κατοικηθήσῃ καὶ ταῖς πόλειςιν τῆς ἰουδαίας οἰκοδομηθήσεσθε καὶ τὰ ἔρημα αὐτῆς ἀνατελεῖ

- 27 Mwen menm ki te bay lanmè a lòd pou li cheche, m'ap cheche tout rivyè nou yo.
Who says to the deep, Be dry, and I will make your rivers dry:
 ὁ λέγων τῇ ἀβύσσῳ ἐρημωθήσῃ καὶ τοὺς ποταμούς σου ξηρανῶ
- 28 Mwen di wa Siris se li ki pral gouvènen pou mwen! Li pral fè tou sa m'a mande l' fè. Li pral bay lòd pou yo rebati lavil Jerizalèm, pou yo refè fondasyon tanp Bondye a.
Who says of Cyrus, He will take care of my sheep, and will do all my pleasure: who says of Jerusalem, I will give the word for your building; and of the Temple, Your bases will be put in place.
 ὁ λέγων κύρῳ φρονεῖν καὶ πάντα τὰ θελήματά μου ποιήσει ὁ λέγων ἱερουσαλὴμ οἰκοδομηθήσῃ καὶ τὸν οἶκον τὸν ἁγίων μου θεμελιώσω
- 1 ¶ Seyè a te chwazi wa Siris pou fè travay li. Li ba li men pou tout nasyon soumèt devan li. Li voye l' pou l' wete pouvwa wa yo, l'ap louvri de batan pòtay lavil yo devan li. P'ap gen pòtay k'ap rete fèmen pou li. Men sa Seyè a di wa Siris:
The Lord says to the man of his selection, to Cyrus, whom I have taken by the right hand, putting down nations before him, and taking away the arms of kings; making the doors open before him, so that the ways into the towns may not be shut;
 οὗτως λέγει κύριος ὁ θεὸς τῷ χριστῷ μου κύρῳ ὃ ἐκράτησα τῆς δεξιᾶς ἐπακοῦσαι ἔμπροσθεν αὐτοῦ ἔθνη καὶ ἰσχνὸν βασιλείων διαρρήξω ἀνοίξω ἔμπροσθεν αὐτοῦ θύρας καὶ πόλεις οὐ συγκλεισθήσονται
- 2 -Se mwen menm k'ap louvri chemen pou ou. M'ap fè mòn yo vin plat. M'ap kraze gwo pòtay an kwiv yo. M'ap kase ba fè yo de bout.
I will go before you, and make the rough places level: the doors of brass will be broken, and the iron rods cut in two:
 ἐγὼ ἔμπροσθέν σου πορεύσομαι καὶ ὄρη ὄμαλιῶ θύρας χαλκᾶς συντρίψω καὶ μοχλοὺς σιδηροῦς συγκλάσω
- 3 M'a ba ou tout richès ki sere kote ki fènwa a, richès ki kache nan depo kote moun pa konnen. Lè sa a, w'a konnen se mwen menm ki Seyè a. Se Bondye pèp Izrayèl la ki te rele ou fè travay sa a.
And I will give you the stores of the dark, and the wealth of secret places, so that you may be certain that I am the Lord, who gave you your name, even the God of Israel.
 καὶ δώσω σοι θησαυροὺς σκοτεινοῦς ἀποκρύφους ἀοράτους ἀνοίξω σοὶ ἵνα γινῶς ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὁ καλῶν τὸ ὄνομά σου θεὸς Ἰσραὴλ.
- 4 Mwen te rele ou pou ou te ka delivre fanmi Jakòb yo, sèvitè m' yo, moun pèp Izrayèl mwen te chwazi a. Mwen ba ou grad atout ou pa t' konnen m' lan.
Because of Jacob my servant, and Israel whom I have taken for myself, I have sent for you by name, giving you a name of honour, though you had no knowledge of me.
 ἔνεκεν ἰακώβ τοῦ παιδὸς μου καὶ Ἰσραὴλ τοῦ ἐκλεκτοῦ μου ἐγὼ καλέσω σε τῷ ὀνόματί σου καὶ προσδέξομαι σε σὺ δὲ οὐκ ἔγνωσ με
- 5 ¶ Se mwen menm ki Seyè a. Pa gen lòt! Se mwen menm sèl ki Bondye. Se mwen ki ba ou tout fòs ou atout ou pa t' konnen m' lan.
I am the Lord, and there is no other; there is no God but me: I will make you ready for war, though you had no knowledge of me:
 ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς καὶ οὐκ ἔστιν ἕτι πλὴν ἐμοῦ θεὸς καὶ οὐκ ἔστιν ἕτι
- 6 Mwen fè sa pou tout moun sou latè, depi kote solèy leve jouk kote solèy kouche, ka konnen pa gen lòt bondye pase mwen menm! Se mwen menm ki Seyè a. Pa gen lòt!
So that they may see from the east and from the west that there is no God but me: I am the Lord, and there is no other.
 ἵνα γινῶσιν οἱ ἀπὸ ἀνατολῶν ἡλίου καὶ οἱ ἀπὸ δυσμῶν ὅτι οὐκ ἔστιν πλὴν ἐμοῦ ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς καὶ οὐκ ἔστιν ἕτι
- 7 Mwen mete limyè, mwen mete fènwa! Mwen bay kè poze, mwen bay kè sote. Se mwen menm Seyè a ki fè tou sa.
I am the giver of light and the maker of the dark; causing blessing, and sending troubles; I am the Lord, who does all these things.
 ἐγὼ ὁ κατασκευάσας φῶς καὶ ποιήσας σκότος ὁ ποιῶν εἰρήνην καὶ κτίζων κακὰ ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὁ ποιῶν ταῦτα πάντα
- 8 M'ap rete nan syèl la, m'ap voye fòs pounwa sou nou tankou lapli, pou nou ka gen batay la. Latè pral louvri de bra l' pou resevwa l'. Delivrans pral fleri sou latè, lajistis pral boujonnen toupatou. Se mwen menm Seyè a k'ap fè tou sa rive.
Let righteousness come down, O heavens, from on high, and let the sky send it down like rain: let the earth be open to give the fruit of salvation, causing righteousness to come up with it; I the Lord have made it come about.
 εὐφρανθήτω ὁ οὐρανὸς ἄνωθεν καὶ αἱ νεφέλαι ῥανάτωσαν δικαιοσύνην ἀνατειλάτω ἡ γῆ ἔλεος καὶ δικαιοσύνη ἀνατειλάτω ἅμα ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ κτίσας σε
- 9 Madichon pou moun k'ap diskite ak Bondye ki fè l' la! Li tankou yon krich nan mitan yon bann krich. Yon krich pa ka di moun k'ap ba li fòm lan: Sa w'ap fè la a? Travay ou fè a pa bon.
Cursed is he who has an argument with his Maker, the pot which has an argument with the Potter! Will the wet earth say to him who is working with it, What are you doing, that your work has nothing by which it may be gripped?
 ποῖον βέλτιον κατεσκεύασα ὡς πηλὸν κεραμέως μὴ ὁ ἀροτριῶν ἀροτριάσει τὴν γῆν ὅλην τὴν ἡμέραν μὴ ἐρεῖ ὁ πηλὸς τῷ κεραμεῖ τί ποιεῖς ὅτι οὐκ ἐργάζῃ οὐδὲ ἔχεις χεῖρας
- 10 Madichon pou pitit k'ap di papa l' ki kalite pitit ou fè la a. Madichon pou pitit k'ap di manman l' ki kalite pitit ou met sou latè a la a!
Cursed is he who says to a father, To what are you giving life? or to a woman, What are you in birth-pains with?
 ὁ λέγων τῷ πατρί τί γεννήσεις καὶ τῇ μητρὶ τί ὠδινήσεις

- 11 ¶ Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa, li menm ki te fòme l' la, men sa li di: -N'ap mande m' sa m' pral fè pou pitit mwen yo? N'ap di m' sa pou m' fè?
The Lord, the Holy One of Israel, and his Maker, says, Will you put a question to me about the things which are to come, or will you give me orders about my sons, and the work of my hands?
 ὅτι οὕτως λέγει κύριος ὁ θεὸς ὁ ἅγιος ἰσραὴλ ὁ ποιήσας τὰ ἐπερχόμενα ἐρωτήσατέ με περὶ τῶν υἱῶν μου καὶ περὶ τῶν θυγατέρων μου καὶ περὶ τῶν ἔργων τῶν χειρῶν μου ἐντεῖλασθέ μοι
- 12 Se mwen menm ki te fè latè. Mwen kreye moun pou yo viv sou latè. Se mwen menm ki te louvri syèl la ak men mwen. Mwen kontwole tou sa ki nan syèl la: solèy, lalin ak tout bann zetwal yo.
I have made the earth, forming man on it: by my hands the heavens have been stretched out, and all the stars put in their ordered places.
 ἐγὼ ἐποίησα γῆν καὶ ἄνθρωπον ἐπ' αὐτῆς ἐγὼ τῆ χειρὶ μου ἐστερέωσα τὸν οὐρανὸν ἐγὼ πᾶσι τοῖς ἄστροις ἐνετειλάμην
- 13 Se mwen menm ki fè wa Siris kanpe pou li mete jistis sou latè. M'ap louvri tout wout devan li. Se li menm ki pral rebati lavil mwen an. L'ap fè moun pa m' yo te depòte yo tounen lakay yo san yo pa bezwen peye anyen, ni yo p'ap bezwen fè kado anyen pou sa. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa!
I have sent him out to overcome the nations, and I will make all his ways straight: I will give him the work of building my town, and he will let my prisoners go free, without price or reward, says the Lord of armies.
 ἐγὼ ἤγειρα αὐτὸν μετὰ δικαιοσύνης βασιλεία καὶ πᾶσαι αἱ ὁδοὶ αὐτοῦ εὐθεῖαι οὗτος οἰκοδομήσει τὴν πόλιν μου καὶ τὴν αἰχμαλωσίαν τοῦ λαοῦ μου ἐπιστρέψει οὐ μετὰ λύτρων οὐδὲ μετὰ δώρων εἶπεν κύριος σαβαωθ
- 14 Men sa Seyè a di ankò: -Tout pwofi travay moun Lejip yo ak pwofi kòmès moun Letiopi yo pral vin pou nou. Moun bèl wotè ki rete nan peyi Seba yo va pase nan peyi nou an, y'a vin esklav nou. Y'a mache dèyè nou tankou prizonnye nan chenn. Y'a mete ajenou devan nou, y'a lapriyè nan pye nou, y'a di: Se lakay nou ase Bondye rete. Nanpwen lòt bondye tankou li. Nanpwen lòt bondye pase l'.
The Lord says, The workmen of Egypt, and the traders of Ethiopia, and the tall Sabaeans, will come over the sea to you, and they will be yours; they will go after you; in chains they will come over: and they will go down on their faces before you, and will make prayer to you, saying, Truly, God is among you; and there is no other God.
 οὕτως λέγει κύριος σαβαωθ ἑκοπίασεν αἴγυπτος καὶ ἐμπορία αἰθιοπῶν καὶ οἱ σεβων ἄνδρες ὑψηλοὶ ἐπὶ σὲ διαβήσονται καὶ σοὶ ἔσονται δοῦλοι καὶ ὀπίσω σου ἀκολουθήσουσιν δεδεμένοι χειροπέδαις καὶ προσκυνήσουσιν σοὶ καὶ ἐν σοὶ προσεύξονται ὅτι ἐν σοὶ ὁ θεός ἐστιν καὶ ἐροῦσιν οὐκ ἔστιν θεὸς πλὴν σοῦ
- 15 Tansèlman se yon Bondye moun pa ka wè. Bondye pèp Izrayèl la, se li ki konn delivre moun!
Truly, you have a secret God, the God of Israel is a Saviour!
 σὺ γὰρ εἶ θεός καὶ οὐκ ᾔδειμεν ὁ θεὸς τοῦ ἰσραὴλ σωτήρ
- 16 Moun k'ap fè estati yo pral wont, yo tout pral tèt bese. Moun pral pase yo nan betiz.
All those who have gone against him will be put to shame; the makers of images will be made low.
 αἰσχυρῆσονται καὶ ἐντραπήσονται πάντες οἱ ἀντικείμενοι αὐτῷ καὶ πορεύσονται ἐν αἰσχύνη ἐγκαινίζεσθε πρὸς με νῆσοι
- 17 Men, Seyè a ap delivre pèp Izrayèl la pou tout tan. Nou p'ap janm wont ankò, nou p'ap janm bese tèt nou ankò devan pesonn jouk sa kaba.
But the Lord will make Israel free with an eternal salvation: you will not be put to shame or made low for ever and ever.
 ἰσραὴλ σφύζεται ὑπὸ κυρίου σωτηρίαν αἰώνιον οὐκ αἰσχυρῆσονται οὐδὲ μὴ ἐντραπῶσιν ἕως τοῦ αἰῶνος
- 18 Se Seyè a ki kreye syèl la. Se li menm sèlman ki Bondye. Se li menm ki fè latè, ki ba li fòm li. Se li menm ki fè l' chita fèm. Li pa t' fè l' pou l' te tounen yon dezè, men pou l' te yon kote pou moun rete.
Men sa li di: Se mwen menm ki Seyè a. Nanpwen lòt.
For this is the word of the Lord who made the heavens; he is God; the maker and designer of the earth; who made it not to be a waste, but as a living-place for man: I am the Lord, and there is no other.
 οὕτως λέγει κύριος ὁ ποιήσας τὸν οὐρανὸν οὗτος ὁ θεὸς ὁ καταδείξας τὴν γῆν καὶ ποιήσας αὐτὴν αὐτὸς διώρισεν αὐτὴν οὐκ εἰς κενὸν ἐποίησεν αὐτὴν ἀλλὰ κατοικεῖσθαι ἐγὼ εἰμι καὶ οὐκ ἔστιν ἕτι
- 19 Se pa an kachèt mwen te pale, ni nan yon kote ki fè nwa. Mwen pa t' di moun ras Jakòb yo pou yo chache m' kote ki pa gen anyen. Mwen menm, se Seyè a mwen ye. Mwen pale laverite, mwen fè konnen sa ki dwe fèt.
I have not given my word in secret, in a place in the underworld; I did not say to the seed of Jacob, Go into a waste land to make request of me: I the Lord say what is true, my word is righteousness.
 οὐκ ἐν κρυφῇ λελάληκα οὐδὲ ἐν τόπῳ γῆς σκοτεινῷ οὐκ εἶπα τῷ σπέρματι ἰακωβ μάταιον ζητήσατε ἐγὼ εἰμι ἐγὼ εἰμι κύριος λαλῶν δικαιοσύνην καὶ ἀναγγέλλων ἀλήθειαν
- 20 ¶ Seyè a di ankò: -Sanble non! Sanble, moun lòt nasyon yo: Pwoche non! Pwoche devan tribinal la non, nou menm ki rive chape yo! Bann moun k'ap plede fè posesyon ak zidòl an bwa yo, k'ap lapriyè bondye ki pa ka delivre yo, yo pa konn anyen!
Come together, even come near, you nations who are still living: they have no knowledge who take up their image of wood, and make prayer to a god in whom is no salvation.
 συνάχθητε καὶ ἦκετε βουλευσασθε ἅμα οἱ σωζόμενοι ἀπὸ τῶν ἔθνῶν οὐκ ἔγνωσαν οἱ αἰρόντες τὸ ξύλον γλύμμα αὐτῶν καὶ προσευχόμενοι ὡς πρὸς θεοῦς οἳ οὐ σφύζουσιν
- 21 Vin plede kòz nou! Mete tèt nou ansanm pou nou konnen sa nou pral di! Kilès moun ki te di davans sa ki gen pou rive a? Kilès ki te fè konnen sa depi lontan? Se pa t' mwen menm, Seyè a? Nanpwen lòt bondye pase mwen menm. Mwen se Bondye ki pa nan patipri. Se mwen ki ka delivre moun.
Give the word, put forward your cause, let us have a discussion together: who has given news of this in the past? who made it clear in early times? did not I, the Lord? and there is no God but me; a true God and a saviour; there is no other.
 εἰ ἀναγγελοῦσιν ἐγγισάτωσαν ἵνα γνῶσιν ἅμα τίς ἀκουστὰ ἐποίησεν ταῦτα ἀπ' ἀρχῆς τότε ἀνηγγέλι ὑμῖν ἐγὼ ὁ θεός καὶ οὐκ ἔστιν ἄλλος πλὴν ἐμοῦ δίκαιος καὶ σωτήρ οὐκ ἔστιν πάρεξ ἐμοῦ

- 22 Tounen vin jwenn mwen pou nou ka delivre, nou tout ki rete sou latè! Paske se mwen ki Bondye. Pa gen lòt!
Let your hearts be turned to me, so that you may have salvation, all the ends of the earth: for I am God, and there is no other.
 επιστράφητε πρὸς με καὶ σωθήσεσθε οἱ ἀπ' ἐσχάτου τῆς γῆς ἐγὼ εἰμι ὁ θεὸς καὶ οὐκ ἔστιν ἄλλος
- 23 Mwen fè sèman sou tèt mwen, sa m'ap di la a se laverite klè. Pesonn p'ap ka demanti pawòl mwen yo. Tout moun pral vin ajenou devan mwen. Nan tout lang, y'ap pran non mwen pou yo fè sèman.
By myself have I taken an oath, a true word has gone from my mouth, and will not be changed, that to me every knee will be bent, and every tongue will give honour.
 κατ' ἑμαυτοῦ ὀμνύω ἢ μὴν ἐξελεύσεται ἐκ τοῦ στόματός μου δικαιοσύνη οἱ λόγοι μου οὐκ ἀποστραφήσονται ὅτι ἐμοὶ κάμψει πᾶν γόνυ καὶ ἐξομολογήσεται πᾶσα γλῶσσα τῷ θεῷ
- 24 Y'a di: Se nan Seyè a sèl nou jwenn jistis ak fòs kouraj! Tout moun ki t'ap kenbe tèt avè l' yo pral wont, y'ap vin nan pye l'.
Only in the Lord will Jacob overcome and be strong: together all those who were angry with him will be put to shame and come to destruction.
 λέγων δικαιοσύνη καὶ δόξα πρὸς αὐτὸν ἤξουσιν καὶ αἰσχυνθήσονται πάντες οἱ ἀφορίζοντες ἑαυτοῦς
- 25 Men, gremesi Seyè a, moun ras Izrayèl yo pral kanpe ankò. Yo pral fè lwanj mwen.
In the Lord will all the seed of Israel get their rights, and they will give glory to him.
 ἀπὸ κυρίου δικαιοθήσονται καὶ ἐν τῷ θεῷ ἐνδοξασθήσονται πᾶν τὸ σπέρμα τῶν υἱῶν ἰσραηλ
- 1 ¶ Bèl ak Nebo, zidòl moun Babilòn yo, fini. Y'ap mete estati yo sou do bèt. Zidòl nou te konn ap leve anlè nan posesyon yo tounen yon chay lou sou do bèt yo ki tou bouke.
Bel is bent down, Nebo is falling; their images are on the beasts and on the cattle: the things which you took about have become a weight to the tired beast.
 ἔπεσε βηλ συνετρίβη δαγῶν ἐγένετο τὰ γλυπτὰ αὐτῶν εἰς θηρία καὶ κτήνη αἴρετε αὐτὰ καταδεδεμένα ὡς φορτίον κοπιῶντι
- 2 Ni bèt yo, ni zidòl yo tonbe ansanm atè a. Zidòl yo pa ka delivre ata bèt k'ap pote yo a. Lènmè ap depòte yo tankou moun yo fè prizonye.
They are bent down, they are falling together: they were not able to keep their images safe, but they themselves have been taken prisoner.
 καὶ πεινῶντι καὶ ἐκλελυμένῳ οὐκ ἰσχύοντι ἅμα οἱ οὐ δυνήσονται σωθῆναι ἀπὸ πολέμου αὐτοὶ δὲ αἰχμάλωτοι ἦχθησαν
- 3 Nou menm fanmi Jakòb yo, ti rèz ki rete nan fanmi Izrayèl la, nou menm mwen te pote nan men depi jou nou te fèt la, nou menm mwen te soutni depi nan vant manman nou an, koute sa m'ap di nou byen:
Give ear to me, O family of Jacob, and all the rest of the people of Israel, who have been supported by me from their birth, and have been my care from their earliest days:
 ἀκούσατέ μου οἶκος τοῦ ἰακωβ καὶ πᾶν τὸ κατάλοιπον τοῦ ἰσραηλ οἱ αἰρόμενοι ἐκ κοιλίας καὶ παιδευόμενοι ἐκ παιδίου
- 4 M'ap toujou aji konsa ak nou jouk n'a vye granmoun. M'ap toujou soutni nou jouk n'a gen cheve blan. M'a pote nou nan men m' jan m' te toujou fè l' la. M'a pran nou sou kont mwen, m'a delivre nou.
Even when you are old I will be the same, and when you are grey-haired I will take care of you: I will still be responsible for what I made; yes, I will take you and keep you safe.
 ἕως γῆρους ἐγὼ εἰμι καὶ ἕως ἂν καταγῆράσῃτε ἐγὼ εἰμι ἐγὼ ἀνέχομαι ὑμῶν ἐγὼ ἐποίησα καὶ ἐγὼ ἀνήσω ἐγὼ ἀναλήμψομαι καὶ σώσω ὑμᾶς
- 5 ¶ Ak ki moun nou ta konpare m'? Ki moun nou ka di ki sanble m'? Ki moun nou ka mete bò kote m' ki tankou m'?
Who in your eyes is my equal? or what comparison will you make with me?
 τίμι με ὁμοιώσατε ἴδετε τεχνάσασθε οἱ πλανώμενοι
- 6 Gen moun ki pran lò nan pòch yo, yo peze ajan nan balans, yo peye yon òfèn pou yo fè yon bondye pou yo. Lèfini, yo mete ajenou devan l', yo adore l'.
As for those who take gold out of a bag, and put silver in the scales, they give payment to a gold-worker, to make it into a god; they go down on their faces and give it worship.
 οἱ συμβαλλόμενοι χρυσίον ἐκ μαρσιπίου καὶ ἀργύριον ἐν ζυγῷ στηθουσιν ἐν σταθμῷ καὶ μισθωσάμενοι χρυσοχόον ἐποίησαν χειροποίητα καὶ κῶψαντες προσκυνοῦσιν αὐτοῖς
- 7 Yo leve l' mete sou zepòl yo, yo pote l' ale. Yo mete l' kanpe yon kote, epi li rete la. Kote yo mete l' la, li pa ka deplase. Yo mèt lapriyè nan pye l' kont kò yo, li pa ka reponn! Li pa ka delivre yo lè yo nan tray.
They put him on their backs, and take him up, and put him in his fixed place, from which he may not be moved; if a man gives a cry for help to him, he is unable to give an answer, or get him out of his trouble.
 αἴρουσιν αὐτὸ ἐπὶ τῶν ὤμων καὶ πορεύονται ἐὰν δὲ θῶσιν αὐτό ἐπὶ τοῦ τόπου αὐτοῦ μένει οὐ μὴ κινήθῃ καὶ ὅς ἂν βοήσῃ πρὸς αὐτόν οὐ μὴ εἰσακούσῃ ἀπὸ κακῶν οὐ μὴ σώσῃ αὐτόν
- 8 Pa janm bliye sa! Mete gason sou nou! Nou menm k'ap fè peche, kalkile tou sa nou fè!
Keep this in mind and be shamed; let it come back to your memory, you sinners.
 μνήσθητε ταῦτα καὶ στενάξατε μετανοήσατε οἱ πεπλανημένοι ἐπιστρέψατε τῇ καρδίᾳ
- 9 Chonje tou sa ki te rive nan tan lontan. Rekonèt se mwen menm sèl ki Bondye. Pa gen lòt! Se mwen sèl ki Bondye. Nanpwen tankou m'!
Let the things which are past come to your memory: for I am God, and there is no other; I am God, and there is no one like me;
 καὶ μνήσθητε τὰ πρότερα ἀπὸ τοῦ αἰῶνος ὅτι ἐγὼ εἰμι ὁ θεὸς καὶ οὐκ ἔστιν ἐτι πλὴν ἐμοῦ

- 10 Depi nan konmansman, mwen te di jan sa pral ye. Depi davans mwen te fè nou konnen sa ki tapral rive. Mwen te di plan travay mwen gen pou rive fèt vre. M'ap fè tou sa mwen te vle fè a.
Making clear from the first what is to come, and from past times the things which have not so far come about; saying, My purpose is fixed, and I will do all my pleasure;
ἀναγγέλλων πρότερον τὰ ἔσχατα πρὶν αὐτὰ γενέσθαι καὶ ἅμα συνετελέσθη καὶ εἶπα πᾶσά μου ἢ βουλή στήσεται καὶ πάντα ὅσα βεβούλευμαι ποιήσω
- 11 Mwen rele yon nonm mwen te chwazi soti nan yon peyi byen lwen bò solèy leve. Tankou yon malfini, li pral vini, li pral fè travay mwen ba l' fè a. Depi mwen di yon bagay, se pou l' fèt. Depi mwen fè lide fè yon bagay, fòk li fèt.
Sending for a bird of strong flight from the east, the man of my purpose from a far country; I have said it, and I will give effect to it; the thing designed by me will certainly be done.
καλῶν ἀπ' ἀνατολῶν πετεινὸν καὶ ἀπὸ γῆς πόρρωθεν περὶ ὧν βεβούλευμαι ἐλάλησα καὶ ἤγαγον ἔκτισα καὶ ἐποίησα ἤγαγον αὐτὸν καὶ εὐδόωσα τὴν ὁδὸν αὐτοῦ
- 12 Koute sa m'ap di nou, bann tèt di, nou menm ki pa soti pou fè sa ki dwat:
Give ear to me, you feeble-hearted, who have no faith in my righteousness:
ἀκούσατέ μου οἱ ἀπολωλέκοτες τὴν καρδίαν οἱ μακρὰν ἀπὸ τῆς δικαιοσύνης
- 13 M'ap fè jou delivrans nou an pwoche. Li pa lwen rive. Mwen p'ap mize vin delivre nou. Mwen pral delivre mòn Siyon. Mwen pral fè pèp Izrayèl la wè pouvwa mwen.
My righteousness is near, it is not far off; salvation will come quickly; and I will make Zion free, and give Israel my glory.
ἤγγισα τὴν δικαιοσύνην μου καὶ τὴν σωτηρίαν τὴν παρ' ἐμοῦ οὐ βραδυνῶ δέδωκα ἐν σιων σωτηρίαν τῷ Ἰσραὴλ εἰς δόξασμα
- 1 ¶ Ou menm, lavil Babilòn, desann sou fotèy ou a! Al chita atè nan pousyè! Yon lè, ou te tankou yon jenn tifi. Wi, kapital moun peyi Kalde yo pral chita atè plat, yo p'ap janm konsidere ou ankò tankou yon bèl tifi ki renmen plezi, ki pa nan leve ni lou ni lejè.
Come and take your seat in the dust, O virgin daughter of Babylon; come down from your seat of power, and take your place on the earth, O daughter of the Chaldaeans: for you will never again seem soft and delicate.
κατάβηθι κάθισον ἐπὶ τὴν γῆν παρθένος θυγάτηρ βαβυλῶνος εἰσελθε εἰς τὸ σκότος θυγάτηρ χαλδαίων ὅτι οὐκέτι προστεθήσῃ κληθῆναι ἀπαλὴ καὶ τρυφερὰ
- 2 Pran wòl moulen yo, al moulen farin! Wete vwal ki sou tèt ou a! Moute ke rad ou wotè jenou ou. Dekouvri janm ou pou ou janbe dlo.
Take the crushing-stones and get the meal crushed: take off your veil, put away your robe, let your legs be uncovered, go through the rivers.
λαβὲ μύλον ἄλεσον ἄλευρον ἀποκάλυψαι τὸ κατακάλυμμά σου ἀνακάλυψαι τὰς πολιάς ἀνάσυραι τὰς κνήμας διάβηθι ποταμούς
- 3 Rete toutouni pou moun ka wè jan ou tonbe ba! Mwen pral tire revanj. Pesonn p'ap ka rete m'.
The shame of your unclothed condition will be seen by all: I will give punishment without mercy,
ἀνακαλυφθήσεται ἡ αἰσχὺνὴ σου φανήσονται οἱ ὄνειδισμοὶ σου τὸ δίκαιον ἐκ σοῦ λήψομαι οὐκέτι μὴ παραδῶ ἀνθρώποις
- 4 Moun k'ap delivre nou an rele Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
Says the Lord who takes up our cause; the Lord of armies is his name, the Holy One of Israel.
εἶπεν ὁ ῥυσάμενός σε κύριος σαβαωθ ὄνομα αὐτῷ ἅγιος Ἰσραὴλ
- 5 Men sa li di lavil Babilòn: Chita la! Pa di yon mo! Rete nan fènwa a! Yo p'ap janm rele ou ankò larenn tout peyi yo.
Be seated in the dark without a word, O daughter of the Chaldaeans: for you will no longer be named, The Queen of Kingdoms.
κάθισον κατανενυγμένη εἰσελθε εἰς τὸ σκότος θυγάτηρ χαλδαίων οὐκέτι μὴ κληθῆς ἰσχυρὴ βασιλείας
- 6 Wi, mwen te move sou pèp mwen an. Mwen pa t' aji ak yo tankou moun pa m'. Mwen te lage yo nan men ou. Men, ou te san pitye pou yo. Ou te aji mal anpil, ata ak vye granmoun yo.
I was angry with my people, I put shame on my heritage, and gave them into your hands: you had no mercy on them; you put a cruel yoke on those who were old;
παρωξύνθην ἐπὶ τῷ λαῷ μου ἐμίανας τὴν κληρονομίαν μου ἐγὼ ἔδωκα εἰς τὴν χεῖρά σου σὺ δὲ οὐκ ἔδωκας αὐτοῖς ἔλεος τοῦ πρεσβυτέρου ἐβάρυνας τὸν ζυγὸν σφόδρα
- 7 ¶ Ou te mete nan tèt ou ou t'ap toujou larenn. Ou pa t' rete kalkile bagay sa yo byen nan tèt ou. Ou pa t' kalkile ki jan sa tapral fini.
And you said, I will be a queen for ever: you did not give attention to these things, and did not keep in mind what would come after.
καὶ εἶπας εἰς τὸν αἰῶνα ἔσομαι ἄρχουσα οὐκ ἐνόησας ταῦτα ἐν τῇ καρδίᾳ σου οὐδὲ ἐμνήσθης τὰ ἔσχατα
- 8 Koulye a, louvri zòrèy ou, ou menm ki renmen pran plezi ou, ou menm ki chita kè pòpòz epi k'ap di nan kè ou: Se mwen menm ki sèl chèf. Nanpwen lòt! Mwen p'ap janm pèdi mari m'. Mwen p'ap janm konnen sa ki rele pèdi pitit!
So now take note of this, you who are given up to pleasure, living without fear of evil, saying in your heart, I am, and there is no one like me; I will never be a widow, or have my children taken from me.
νῦν δὲ ἄκουσον ταῦτα ἡ τρυφερὰ ἡ καθημένη πεποιθὺα ἡ λέγουσα ἐν τῇ καρδίᾳ αὐτῆς ἐγὼ εἰμι καὶ οὐκ ἔστιν ἕτέρα οὐ καθιῶ χήρα οὐδὲ γνώσομαι ὀρφανεῖαν

- 9 Enben! De malè sa yo pral tonbe sou ou anmenmtan, yon sèl jou. Ou pral pèdi pitit ou yo ansanm ak mari ou! Wi, malè sa yo pral tonbe ansanm sou ou, malgre tout maji ou pral fè yo, malgre pakèt wanga ou genyen yo!
 But these two things will come on you suddenly in one day, the loss of children and of husband: in full measure they will come on you, for all your secret arts, and all your wonders.
 νὺν δὲ ἤξει ἐξαίφνης ἐπὶ σὲ τὰ δύο ταῦτα ἐν μιᾷ ἡμέρᾳ χρεῖα καὶ ἀτεκνία ἤξει ἐξαίφνης ἐπὶ σὲ ἐν τῇ φαρμακείᾳ σου ἐν τῇ ἰσχύϊ τῶν ἐπαιδῶν σου σφόδρα
- 10 Ou te konte sou mehanste ou t'ap fè yo. Ou t'ap di nan kè ou pesonn pa wè ou. Bon konprann ak konesans vire tèt ou. Ou t'ap di nan kè ou se ou menm ki sèl chèf. Nanpwen lòt.
 For you had faith in your evil-doing; you said, No one sees me; by your wisdom and knowledge you have been turned out of the way: and you have said in your heart, I am, and there is no other.
 τῇ ἐλπίδι τῆς πονηρίας σου σὺ γὰρ εἶπας ἐγὼ εἰμι καὶ οὐκ ἔστιν ἕτερά γινώθι ὅτι ἡ σύνεσις τούτων καὶ ἡ πορνεία σου ἔσται σοι αἰσχύνῃ καὶ εἶπας τῇ καρδίᾳ σου ἐγὼ εἰμι καὶ οὐκ ἔστιν ἕτερά
- 11 Yon malè pral tonbe sou ou, ou p'ap ka detounen l' ak maji ou yo. Yon sèl malè pral tonbe sou ou, ou p'ap ka fè anyen pou ou anpeche l' rive ou. W'a rete konsa, yon boulvès pral tonbe sou ou, yon boulvès ou pa t' janm mete nan tèt ou te ka rive ou.
 Because of this evil will come on you, which may not be turned away for any price: and trouble will overtake you, from which no money will give salvation: destruction will come on you suddenly, without your knowledge.
 καὶ ἤξει ἐπὶ σὲ ἀπόλεια καὶ οὐ μὴ γνῶς βόθουος καὶ ἐμπειή εἰς αὐτόν καὶ ἤξει ἐπὶ σὲ τάλαιπωρία καὶ οὐ μὴ δυνήσῃ καθαρά γενέσθαι καὶ ἤξει ἐπὶ σὲ ἐξαπίνης ἀπόλεια καὶ οὐ μὴ γνῶς
- 12 Ou mèt rete ak maji ou yo, ak tout wanga ou yo! Depi ou jenn w'ap fatigue kò ou sèvi ak yo. Ou pa janm konnen, yo ka fè kichòy pou ou! Ou ka fè moun pè ou ak yo!
 Go on now with your secret arts, and all your wonder-working, to which you have given yourself up from your earliest days; it may be that they will be of profit to you, or by them you may put fear into your attackers.
 στηθὶ νὺν ἐν ταῖς ἐπαιδαῖς σου καὶ τῇ πολλῇ φαρμακείᾳ σου ἂ ἐμάνθανες ἐκ νεότητός σου εἰ δυνήσῃ ὠφεληθῆναι
- 13 Ou chaje ak moun k'ap ba ou konsèy jouk ou pa konn sa pou ou fè. Se pou moun ki te ba ou tout konsèy sa yo vini koulye a, se pou yo sove ou, yo menm k'ap etidye zetwal, yo menm k'ap separe syèl la an divès zòn, yo menm k'ap di ou chak lalin nouvèl tou sa ki gen pou rive.
 But your mind is troubled by the number of your guides: let them now come forward for your salvation: the measurers of the heavens, the watchers of the stars, and those who are able to say from month to month what things are coming on you.
 κερκοπίακας ἐν ταῖς βουλαῖς σου στητήσαν καὶ σωσάτωσάν σε οἱ ἀστρολόγοι τοῦ οὐρανοῦ οἱ ὀρῶντες τοὺς ἀστέρας ἀναγγελάτωσάν σοι τί μέλλει ἐπὶ σὲ ἔρχεσθαι
- 14 Yo tankou ti moso pay. Yon sèl dife pral boule yo. Yo p'ap menm ka sove pwòp tèt pa yo. Se p'ap yon ti dife tankou dife yo fè pou kwit manje ni tankou boukan yo limen pou moun chofe dife.
 Truly, they have become like dry stems, they have been burned in the fire; they are not able to keep themselves safe from the power of the flame: it is not a coal for warming them, or a fire by which a man may be seated.
 ἰδοὺ πάντες ὡς φρύγανα ἐπὶ πυρὶ κατακαίονται καὶ οὐ μὴ ἐξέλονται τὴν ψυχὴν αὐτῶν ἐκ φλογός ὅτι ἔχεις ἄνθρακας πυρός κάθισαι ἐπ' αὐτούς
- 15 Men kote konsèy moun sa yo ap mennen ou. Ou te touye tèt ou ap sèvi yo depi ou te jenn tifi. Y'ap kouri kite ou, yo chak bò pa yo. Yo yonn p'ap rete pou delivre ou!
 Small profit have you had from those who, from your earliest days, got great profit out of you; they have gone in flight, every one straight before him, and you have no saviour.
 οὗτοι ἔσονται σοι βοήθεια ἐκοπίσας ἐν τῇ μεταβολῇ σου ἐκ νεότητος ἄνθρωπος καθ' ἑαυτὸν ἐπλανήθη σοὶ δὲ οὐκ ἔσται σωτηρία
- 1 ¶ Koute pawòl sa yo byen, nou menm fanmi Jakòb yo. Nou menm ki pote non Izrayèl, zansèt nou an, nou menm ki soti nan ras Jida a, nou pran non Seyè a pou fè sèman. N'ap fè sèvis pou Bondye pèp Izrayèl la. Men, se pawòl nan bouch. Nou pa viv jan Bondye vle l' la.
 Give ear to this, O family of Jacob, you who are named by the name of Israel, and have come out of the body of Judah; who take oaths by the name of the Lord, and make use of the name of the God of Israel, but not truly and not in good faith.
 ἀκούσατε ταῦτα οἶκος ἰακωβ οἱ κεικλημένοι τῷ ὀνόματι ἰσραηλ καὶ οἱ ἐξ ἰουδα ἐξεληθόντες οἱ ὀμνούντες τῷ ὀνόματι κυρίου θεοῦ ἰσραηλ μιμησκόμενοι οὐ μετὰ ἀληθείας οὐδὲ μετὰ δικαιοσύνης
- 2 Nou cho konsa pou nou di se moun lavil Jerizalèm, lavil Bondye a, nou ye. Se sou Bondye pèp Izrayèl la n'ap mete tout espwa nou, li menm yo rele Seyè ki gen tout pouvwa a.
 For they say that they are of the holy town, and put their faith in the God of Israel: the Lord of armies is his name.
 καὶ ἀντεγόμενοι τῷ ὀνόματι τῆς πόλεως τῆς ἁγίας καὶ ἐπὶ τῷ θεῷ τοῦ ἰσραηλ ἀντιστηριζόμενοι κύριος σαβαωθ ὄνομα αὐτῷ
- 3 Depi lontan mwen te fè nou konnen davans sa ki tapral rive. Mwen te pale pou tout moun tande. Mwen rete konsa, mwen fè sa m' gen pou m' fè a, epi yo rive vre.
 I gave word in the past of the things which came about; they came from my mouth, and I made them clear: suddenly I did them, and they came about.
 τὰ πρότερα ἔτι ἀνήγγειλα καὶ ἐκ τοῦ στόματός μου ἐξῆλθεν καὶ ἀκουστὸν ἐγένετο ἐξάπινα ἐποίησα καὶ ἐπῆλθεν
- 4 Mwen te konnen jan nou wòklò. Tèt nou di pase fè, di pase wòch
 Because I saw that your heart was hard, and that your neck was an iron cord, and your brow brass;
 γινώσκω ἐγὼ ὅτι σκληρὸς εἶ καὶ νεῦρον σιδηροῦν ὁ τράχηλός σου καὶ τὸ μέτωπόν σου χαλκοῦν

- 5 Se poutèt sa mwen te fè nou konnen davans sa ki tapral rive nou. Wi, mwen te avèti nou anvan yo te rive, pou nou pa t' di se zidòl nou yo ki te fè sa pou nou, se estati an fè nou yo ak pòtre zidòl nou yo ki te fè sa pase konsa.
For this reason I made it clear to you in the past, before it came I gave you word of it: for fear that you might say, My god did these things, and my pictured and metal images made them come about.
καὶ ἀνήγγειλά σοι πάλαι πρὶν ἔλθειν ἐπὶ σὲ ἀκουστόν σοι ἐποίησα μὴ εἶπης ὅτι τὰ εἰδωλά μου ἐποίησαν καὶ μὴ εἶπης ὅτι τὰ γλυπτὰ καὶ τὰ χωνευτὰ ἐνετείλατό μοι
- 6 Se pou nou rekonèt tou sa mwen te di nou yo rive vre. Enben, mwen pral fè ou konnen lòt bagay ankò ki gen pou rive, bagay mwen te kenbe pou mwen, bagay ou pa ka konnen menm.
All this has come to your ears and you have seen it; will you not give witness to it? I am now making clear new things, even secret things, of which you had no knowledge.
ἠκούσατε πάντα καὶ ὑμεῖς οὐκ ἔγνωτε ἀλλὰ καὶ ἀκουστά σοι ἐποίησα τὰ καινὰ ἀπὸ τοῦ νῦν ἃ μέλλει γίνεσθαι καὶ οὐκ εἶπας
- 7 Se bagay m'ap fè koulye a menm. Mwen pa janm ko fè sa. Se bagay nou pa t' janm konnen jouk jounen jòdi a. Konsa nou pa ka di nou te konn sa deja!
They have only now been effected, and not in the past: and before this day they had not come to your ears; for fear that you might say, I had knowledge of them.
νῦν γίνεται καὶ οὐ πάλαι καὶ οὐ προτέραις ἡμέραις ἤκουσας αὐτὰ μὴ εἶπης ὅτι ναὶ γινώσκω αὐτὰ
- 8 Nou pa t' janm konn bagay konsa, nou pa t' janm tande sa. Mwen pa t' kase bwa nan zòrèy nou sou sa, paske mwen konnen jan nou trèt. Yo pa ka fè nou konfyans. Depi nou fèt yo konnen nou pou moun tèt di.
Truly you had no word of them, no knowledge of them; no news of them in the past had come to your ears; because I saw how false was your behaviour, and that your heart was turned against me from your earliest days.
οὐτε ἔγνωσ οὐτε ἠπίστω οὐτε ἀπ' ἀρχῆς ἠνοιξά σου τὰ ὅσα ἔγνων γὰρ ὅτι ἀθετῶν ἀθετήσεις καὶ ἄνομος ἔτι ἐκ κοιλίας κληθήσῃ
- 9 ¶ Se poutèt non mwen pote a kifè mwen kenbe kòlè m'. Se paske mwen vle pou moun fè lwanj mwen kifè mwen pa koute kòlè m' pou m' kraze nou!
Because of my name I will put away my wrath, and for my praise I will keep myself from cutting you off.
ἐνεκεν τοῦ ἔμοῦ ὀνόματος δεῖξω σοι τὸν θυμόν μου καὶ τὰ ἔνδοξά μου ἐπάξω ἐπὶ σοὶ ἵνα μὴ ἐξολεθρεύσω σε
- 10 Tankou lajan yo fonn nan fòj pou wè si li bon, mwen te fè nou pase tray pou m' wè kote nou ye.
See, I have been testing you for myself like silver; I have put you through the fire of trouble.
ἰδοὺ πέπρακά σε οὐχ ἔνεκεν ἀργυρίου ἐξελάμην δέ σε ἐκ καμίνου πτωχείας
- 11 Se poutèt mwen, poutèt mwen menm ase, mwen fè sa m' fè a. Eske m' ka kite yo derespekte non mwen? Mwen p'ap kite yon lòt resevwa lwanj ki pou mwen an!
For myself, even because of my name, I will do it; for I will not let my name be shamed; and my glory I will not give to another.
ἐνεκεν ἐμοῦ ποιήσω σοι ὅτι τὸ ἐμὸν ὄνομα βεβηλοῦται καὶ τὴν δόξαν μου ἑτέρῳ οὐ δώσω
- 12 Nou menm fanmi Jakòb yo, Nou menm pèp Izrayèl mwen te chwazi a, koute m' byen. Se mwen menm ki te la anvan tout bagay, Se mwen menm k'ap la apre tout bagay kaba. Mwen p'ap janm chanje.
Give ear to me, Jacob, and Israel, my loved one; I am he, I am the first and I am the last.
ἀκούε μου ἰακωβ καὶ ἰσραηλ ὃν ἐγὼ καλῶ ἐγὼ εἰμι πρῶτος καὶ ἐγὼ εἰμι εἰς τὸν αἰῶνα
- 13 Se mwen menm ak men mwen ki fè latè. Se ak fòs ponyèt mwen mwen louvri syèl la. Lè m' rele yo, yo tout kouri vin nan pye m'.
Yes, by my hand was the earth placed on its base, and by my right hand the heavens were stretched out; at my word they take up their places.
καὶ ἡ χεὶρ μου ἐθεμελίωσεν τὴν γῆν καὶ ἡ δεξιὰ μου ἐστερέωσεν τὸν οὐρανόν καλέσω αὐτούς καὶ στήσονται ἅμα
- 14 Nou tout, sanble non pou nou koute m'! Kilès nan zidòl nou yo ki te fè konnen depi davans tout bagay sa yo? Moun mwen renmen an pral fè travay mwen vle l' fè a kont lavil Babilòn, kont ras moun Kalde yo.
Come together, all of you, and give ear; who among you has given news of these things? the Lord's loved one will do his pleasure with Babylon, and with the seed of the Chaldaean.
καὶ συναχθήσονται πάντες καὶ ἀκούσονται τίς αὐτοῖς ἀνήγγειλεν ταῦτα ἀγαπῶν σε ἐποίησα τὸ θέλημά σου ἐπὶ βαβυλώνα τοῦ ἄραι σπέρμα χaldaίων
- 15 Se mwen menm ki te pale, se mwen menm ki te rele l'. Se mwen menm ki fè l' vini. M'ap fè l' reyisi nan travay l'ap fè a.
I, even I, have given the word; I have sent for him: I have made him come, and have given effect to his undertakings.
ἐγὼ ἐλάλησα ἐγὼ ἐκάλεσα ἤγαγον αὐτὸν καὶ εὐδόωσα τὴν ὁδὸν αὐτοῦ
- 16 ¶ Pwoche kote m' non, koute sa m'ap di: Depi nan konmansman mwen pa kache nou anyen. Depi lè bagay la t'ap rive, mwen te la. Koulye a, Seyè a ban mwen lespri l', li voye m'!
Come near to me, and give ear to this; from the start I did not keep it secret; from the time of its coming into existence I was there: and now the Lord God has sent me, and given me his spirit.
προσαγάγετε πρὸς με καὶ ἀκούσατε ταῦτα οὐκ ἀπ' ἀρχῆς ἐν κρυφῇ ἐλάλησα οὐδὲ ἐν τόπῳ γῆς σκοτεινῷ ἠνίκα ἐγένετο ἐκεῖ ἡμῖν καὶ νῦν κύριος ἀπέσταλκέν με καὶ τὸ πνεῦμα αὐτοῦ

- 17 Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa, Seyè k'ap delivre yo a, men sa li di: -Se mwen menm ki Seyè a, Bondye nou an. Se mwen menm k'ap moutre nou sa ki pou byen nou. Se mwen menm k'ap mennen nou nan chemen pou nou swiv la.
The Lord who takes up your cause, the Holy One of Israel, says, I am the Lord your God, who is teaching you for your profit, guiding you by the way in which you are to go.
οὕτως λέγει κύριος ὁ ῥυσάμενός σε ὁ ἄγιος ἰσραὴλ ἐγὼ εἰμι ὁ θεός σου δέδειχά σοι τοῦ εὐρεῖν σε τὴν ὁδὸν ἐν ἣ πορεύῃ ἐν αὐτῇ
- 18 Si sèlman nou te swiv lòd mwen te ban nou yo, benediksyon ta vide sou nou tankou lapli k'ap tonbe. Tankou lanmè ki pa janm sispann voye lanm, m' pa ta janm sispann kanpe pou nou!
If only you had given ear to my orders, then your peace would have been like a river, and your righteousness as the waves of the sea:
καὶ εἰ ἤκουσας τῶν ἐντολῶν μου ἐγένετο ἄν ὡσεὶ ποταμὸς ἡ εἰρήνη σου καὶ ἡ δικαιοσύνη σου ὡς κῦμα θαλάσσης
- 19 Moun ras nou yo ta menm kantite ak grenn sab. Pitit pitit nou yo ta tankou grenn sab bò lanmè. Anyen pa ta ka detwi nou devan mwen. Non! Nou pa ta janm disparèt devan mwen.
Your seed would have been like the sand, and your offspring like the dust: your name would not be cut off or come to an end before me.
καὶ ἐγένετο ἄν ὡς ἡ ἄμμος τὸ σπέρμα σου καὶ τὰ ἔκγονα τῆς κοιλίας σου ὡς ὁ χοῦς τῆς γῆς οὐδὲ νῦν οὐ μὴ ἐξολεθρευθῆς οὐδὲ ἀπολεῖται τὸ ὄνομά σου ἐνώπιόν μου
- 20 Soti kite lavil Babilòn! Sove kò nou lakay moun Kalde yo! Gaye nouvèl la ak kè kontan. Mache fè konnen l' toupatou. Seyè a delivre Izrayèl, sèvitè li a.
Go out of Babylon, go in flight from the Chaldaeans; with the sound of song make it clear, give the news, let the word go out even to the end of the earth: say, The Lord has taken up the cause of his servant Jacob.
ἔξελθε ἐκ βαβυλῶνος φεύγων ἀπὸ τῶν χαλδαίων φωνὴν εὐφροσύνης ἀναγγεῖλατε καὶ ἀκουστὸν γενέσθω τοῦτο ἀπαγγεῖλατε ἕως ἐσχάτου τῆς γῆς λέγετε ἐρρύσατο κύριος τὸν δοῦλον αὐτοῦ ἰακωβ
- 21 Lè li t'ap mennen yo nan dezè a, yo pa t' swaf dlo. Li fè sous dlo pete nan wòch pou yo. Li fann wòch la, dlo koule soti.
They had no need of water when he was guiding them through the waste lands: he made water come out of the rock for them: the rock was parted and the waters came flowing out.
καὶ ἂν διψήσωσιν δι' ἐρήμου ἄξει αὐτοὺς ὕδωρ ἐκ πέτρας ἐξάξει αὐτοῖς σχισθήσεται πέτρα καὶ ῥυήσεται ὕδωρ καὶ πίεται ὁ λαός μου
- 22 Men Seyè a di: Pa gen kè poze pou mechan yo!
There is no peace, says the Lord, for the evil-doers.
οὐκ ἔστιν χαίρειν τοῖς ἀσεβέσιν λέγει κύριος
- 1 ¶ Nou menm ki rete nan zile yo, koute sa m'ap di nou! Nou menm ki rete byen lwen yo, pare zòrèy nou! Depi m' fèt, Seyè a chwazi m'! Depi nan vant manman m', li rele m' pou m' sèvi l'.
Give ear, O sea-lands, to me; and take note, you peoples from far: I have been marked out by the Lord from the first; when I was still in my mother's body, he had my name in mind:
ἀκούσατέ μου νῆσοι καὶ προσέχετε ἔθνη διὰ χρόνου πολλοῦ στήσεται λέγει κύριος ἐκ κοιλίας μητρὸς μου ἐκάλεσεν τὸ ὄνομά μου
- 2 Li mete nan bouch mwen pawòl ki tankou kouto byen file. Li pwoteje m' avèk fòs li. Li pare m' tankou yon flèch byen pweniti, li sere m' nan sakit li.
And he has made my mouth like a sharp sword, in the shade of his hand he has kept me; and he has made me like a polished arrow, keeping me in his secret place;
καὶ ἔθηκεν τὸ στόμα μου ὡσεὶ μάχαιραν ὀξεῖαν καὶ ὑπὸ τὴν σκέπην τῆς χειρὸς αὐτοῦ ἔκρυπέν με ἔθηκεν με ὡς βέλος ἐκλεκτὸν καὶ ἐν τῇ φαρέτρᾳ αὐτοῦ ἐσκέπασέν με
- 3 Li di m': Izrayèl, se sèvitè m' ou ye! W'ap sèvi yon lwanj pou mwen!
And he said to me, You are my servant, Israel, in whom my glory will be seen;
καὶ εἶπέν μοι δοῦλός μου εἰ σύ ἰσραὴλ καὶ ἐν σοὶ δοξασθήσομαι
- 4 Mwen menm, mwen t'ap di nan kè m': Se pou dan ri m'ap fatigue kò m'. Se pou gremesi mwen travay jouk mwen fèb. Men, m'ap toujou gen konfyans: Seyè a va ban m' rezon. Rekonpans mwen la byen sere nan men Seyè a.
And I said, I have undergone weariness for nothing, I have given my strength for no purpose or profit: but still the Lord will take up my cause, and my God will give me my reward.
καὶ ἐγὼ εἶπα κενῶς ἐκοπίασα καὶ εἰς μάταιον καὶ εἰς οὐδὲν ἔδωκα τὴν ἰσχύን μου διὰ τοῦτο ἡ κρίσις μου παρὰ κυρίῳ καὶ ὁ πόνος μου ἐναντίον τοῦ θεοῦ μου
- 5 Se Seyè a menm ki chwazi m' depi m' fèt pou m' sèvi l', pou m' fè fanmi Jakòb la tounen vin jwenn li, pou m' sanble pèp Izrayèl la mennen ba li. Seyè a ban m' bèl pozisyon sa a. Se li ki tout fòs mwen.
And now, says the Lord, who made me his servant when I was still in my mother's body, so that I might make Jacob come back to him, and so that Israel might come together to him: and I was honoured in the eyes of the Lord, and my God became my strength.
καὶ νῦν οὕτως λέγει κύριος ὁ πλάσας με ἐκ κοιλίας δοῦλον ἐαυτῷ τοῦ συναγαγεῖν τὸν ἰακωβ καὶ ἰσραὴλ πρὸς αὐτόν συναχθήσομαι καὶ δοξασθήσομαι ἐναντίον κυρίου καὶ ὁ θεός μου ἔσται μου ἰσχύς
- 6 Seyè a di m' konsa: Wi, sèvitè m' lan va fè fanmi Jakòb la kanpe ankò. L'a fè ti rèz pèp Izrayèl yo te depòte a tounen lakay yo. Men, se poko sa toujou. M'ap fè li sèvi tankou yon limyè pou lòt nasyon yo, pou dènye moun sou latè ka konnen ki jan mwen menm mwen delivre!
It is not enough for one who is my servant to put the tribes of Jacob again in their place, and to get back those of Israel who have been sent away: my purpose is to give you as a light to the nations, so that you may be my salvation to the end of the earth.
καὶ εἶπέν μοι μέγα σοὶ ἔστιν τοῦ κληθῆναί σε παῖδά μου τοῦ στήσαι τὰς φυλάς ἰακωβ καὶ τὴν διασπορὰν τοῦ ἰσραὴλ ἐπιστρέψαι ἰδοὺ τέθεικά σε εἰς διαθήκην γένους εἰς φῶς ἐθνῶν τοῦ εἶναι σε εἰς σωτηρίαν ἕως ἐσχάτου τῆς γῆς

- 7 ¶ Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa, Seyè k'ap delivre yo a, l'ap pale ak pèp tout moun ap meprize a, pèp nasyon yo pa vle wè a, pèp ki esklav chèf k'ap gouvènè yo a. Li di yo: Wa va leve kanpe lè y'a wè ou. Chèf va ajenu devan ou. Y'a fè sa poutèt Seyè a k'ap toujou kenbe pawòl li, poutèt Bondye pèp Izrayèl la ki te chwazi ou.
The Lord who takes up Israel's cause, even his Holy One, says to him whom men make sport of, who is hated by the nations, a servant of rulers: Kings will see and get up from their places, and chiefs will give worship: because of the Lord who keeps faith; even the Holy One of Israel who has taken you for himself.
οὕτως λέγει κύριος ὁ ῥυσάμενός σε ὁ θεὸς ἰσραηλ ἀγιάσατε τὸν φαυλίζοντα τὴν ψυχὴν αὐτοῦ τὸν βδελυσσόμενον ὑπὸ τῶν ἐθνῶν τῶν δούλων τῶν ἀρχόντων βασιλεῖς ὄψονται αὐτὸν καὶ ἀναστήσονται ἀρχόντες καὶ προσκυνήσουσιν αὐτῷ ἔνεκεν κυρίου ὅτι πιστός ἐστιν ὁ ἅγιος ἰσραηλ καὶ ἐξελεξάμην σε
- 8 Men sa Seyè a di pèp li a: -Lè lè a va rive pou m' fè ou gras, m'a reponn ou. Lè jou a va rive pou m' delivre ou, m'a pote ou sekou. Se mwen ki te fè ou, se mwen ki te chwazi ou pou ou siyen yon kontra ak tout pèp yo. M'a fè peyi a kanpe ankò. N'a tounen viv nan peyi yo te ban nou an, peyi yo te devasté a.
This is the word of the Lord: I have given ear to you at a good time, and I have been your helper in a day of salvation: and I will keep you safe, and will make you a glory for the people, putting the land in order, and giving them the heritages which now are waste;
οὕτως λέγει κύριος καιρῷ δεκτῷ ἐπήκουσά σου καὶ ἐν ἡμέρᾳ σωτηρίας ἐβοήθησά σοι καὶ ἔδοκά σε εἰς διαθήκην ἐθνῶν τοῦ καταστῆσαι τὴν γῆν καὶ κληρονομήσαι κληρονομίαν ἐρήμου
- 9 M'a di prizonye yo al lakay nou! M'a di moun ki te chita nan fènwa yo: Soti vin nan limyè a. Sou tout wout yo, y'a jwenn manje pou yo manje. Tankou mouton, y'a jwenn manje sou tout ti mòn.
Saying to those who are in chains, Go free; to those who are in the dark, Come out into the light. They will get food by the way wherever they go, and have grass-lands on all the dry mountain-tops.
λέγοντα τοῖς ἐν δεσμοῖς ἐξέλθατε καὶ τοῖς ἐν τῷ σκότει ἀνακαλυφθῆναι καὶ ἐν πάσαις ταῖς ὁδοῖς αὐτῶν βοσκηθήσονται καὶ ἐν πάσαις ταῖς τριβίαις ἡ νομὴ αὐτῶν
- 10 Yo p'ap janm grangou, yo p'ap janm swaf dlo. Chalè solèy ak van dezè p'ap fè yo anyen. Paske se moun ki renmen yo a k'ap kondi yo. L'a mennen yo kote ki gen sous dlo.
They will not be in need of food or drink, or be troubled by the heat or the sun: for he who has mercy on them will be their guide, taking them by the springs of water.
οὐ πεινάσουσιν οὐδὲ διψήσουσιν οὐδὲ πατάξει αὐτοὺς καύσων οὐδὲ ὁ ἥλιος ἀλλὰ ὁ ἐλεῶν αὐτοὺς παρακαλέσει καὶ διὰ πηγῶν ὑδάτων ἄξει αὐτοὺς
- 11 M'a louvri yon bèl chemen nan mòn yo. M'a pare wout sou tout mòn yo pou pèp la.
And I will make all my mountains a way, and my highways will be lifted up.
καὶ θήσω πᾶν ὄρος εἰς ὁδὸν καὶ πᾶσαν τρίβον εἰς βόσκημα αὐτοῖς
- 12 Gen ladan yo k'ap soti byen lwen. Gen sa k'ap soti nan nò. Gen sa k'ap soti bò solèy kouche. Gen lòt k'ap soti lavil Sinim nan sid.
See, these are coming from far; and these from the north and the west; and these from the land of Sinim.
ἰδοὺ οὗτοι πόρρωθεν ἔρχονται οὗτοι ἀπὸ βορρᾶ καὶ οὗτοι ἀπὸ θαλάσσης ἄλλοι δὲ ἐκ γῆς περσῶν
- 13 ¶ Se pou syèl la kontan! Se pou tè a fè fèt! Se pou mòn yo rele tèlman yo kontan! Paske Seyè a pral bay pèp li a kouraj, l'ap gen pitye pou pèp li a ki nan lapenn.
Let your voice be loud in song, O heavens; and be glad, O earth; make sounds of joy, O mountains, for the Lord has given comfort to his people, and will have mercy on his crushed ones.
εὐφραίνεσθε οὐρανοὶ καὶ ἀγαλλιᾶσθε ἡ γῆ ῥηξάτωσαν τὰ ὄρη εὐφροσύνην καὶ οἱ βουνοὶ δικαιοσύνην ὅτι ἠλέησεν ὁ θεὸς τὸν λαὸν αὐτοῦ καὶ τοὺς ταπεινοὺς τοῦ λαοῦ αὐτοῦ παρεκάλεσεν
- 14 Men, pèp lavil Jerizalèm lan t'ap di: -Seyè a lage nou. Mèt la bliye nou.
But Zion said, The Lord has given me up, I have gone from his memory.
εἶπεν δὲ σιὼν ἐγκατέλιπέν με κύριος καὶ ὁ κύριος ἐπελάθετό μου
- 15 Seyè a reponn: -Eske yon manman ka bliye pitit l'ap bay tete a? Eske li ka pa sansib pou pitit li pote nan vant li a? Menm si yon manman ta rive bliye pitit li, mwen menm, mwen p'ap janm bliye nou!
Will a woman give up the child at her breast, will she be without pity for the fruit of her body? yes, these may, but I will not let you go out of my memory.
μὴ ἐπιλήσεται γυνὴ τοῦ παιδίου αὐτῆς τοῦ μὴ ἐλεῆσαι τὰ ἐκγονα τῆς κοιλίας αὐτῆς εἰ δὲ καὶ ἐπιλάθοιτο ταῦτα γυνή ἀλλ' ἐγὼ οὐκ ἐπιλήσομαι σου εἶπεν κύριος
- 16 Mwen ekri non nou nan pla men m'. Mwen toujou wè miray nou yo devan je m'.
See, your name is marked on my hands; your walls are ever before me.
ἰδοὺ ἐπὶ τῶν χειρῶν μου ἐξογράφησά σου τὰ τείχη καὶ ἐνώπιόν μου εἶ διὰ παντός
- 17 Moun ki pral rebati lavil la ap vin talè konsa. Moun ki t'ap kraze nou yo, ki t'ap piye nou yo, pral kouri met deyò.
Your builders are coming quickly; your haters and those who made you waste will go out of you.
καὶ ταχὺ οἰκοδομηθήσῃ ὑφ' ὧν καθηρέθης καὶ οἱ ἐρημώσαντές σε ἐκ σοῦ ἐξελεύσονται
- 18 ¶ Voye je nou toupatou. Gade sa k'ap pase. Tout moun nou yo ap sanble, y'ap vin jwenn nou. Jan nou konnen mwen vivan an, mwen fè sèman: Nou pral kontan wè yo lakay nou, tankou lè lamarye kontan wè bèl rad nòs li sou li. Se Seyè a menm ki di sa.
Let your eyes be lifted up round about, and see: they are all coming together to you. By my life, says the Lord, truly you will put them all on you as an ornament, and be clothed with them like a bride.
ἄρον κύκλῳ τοὺς ὀφθαλμούς σου καὶ ἰδὲ πάντας ἰδοὺ συνήχθησαν καὶ ἤλθοσαν πρὸς σέ ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος ὅτι πάντας αὐτοὺς ἐνδύσει καὶ περιθήσει αὐτοὺς ὡς κόσμον νέμφης

- 19 Peyi nou an te fin kraze. Peyi a te fin ravaje. Men, koulye a li pral twò piti pou kantite moun k'ap rete ladan l'. Paske moun ki t'ap fini ak peyi a, yo pral voye yo jete byen lwen nou.
For though the waste places of your land have been given to destruction, now you will not be wide enough for your people, and those who made you waste will be far away.
ὅτι τὰ ἔρημά σου καὶ τὰ διεφθαρμένα καὶ τὰ πεπτωκότα νῦν στενοχωρήσει ἀπὸ τῶν κατοικοῦντων καὶ μακρυνθήσονται ἀπὸ σοῦ οἱ καταπίνοντές σε
- 20 Yon lè, pitit nou te kwè ki te pèdi nèt yo, n'a tande yo ap pale nan zòrèy nou, y'a di nou: Peyi a twò piti pou nou. Ban nou kote pou nou rete.
The children to whom you gave birth in other lands will say in your ears, The place is not wide enough for me: make room for me to have a resting-place.
ἐροῦσιν γὰρ εἰς τὰ ὠτά σου οἱ υἱοὶ σου οὓς ἀπολώλεκας στενός μοι ὁ τόπος ποιήσόν μοι τόπον ἵνα κατοικήσω
- 21 Lè sa a, n'a di nan kè nou! -Kilès ki te fè tout pitit sa yo pou nou? Nou te pèdi tout pitit nou yo. Nou pa t' kapab fè pitit ankò. Yo te depòte nou, yo te vire do ban nou. Ki moun ki te elve tout pitit sa yo pou nou? Nou te pou kò nou. Kote yo sot menm?
Then you will say in your heart, Who has given me all these children? when my children had been taken from me, and I was no longer able to have others, who took care of these? when I was by myself, where then were these?
καὶ ἐρεῖς ἐν τῇ καρδίᾳ σου τίς ἐγέννησέν μοι τούτους ἐγὼ δὲ ἄτεκνος καὶ χήρα τούτους δὲ τίς ἐξέθρεψέν μοι ἐγὼ δὲ κατελείφθην μόνη οὗτοι δέ μοι ποῦ ἦσαν
- 22 Men sa Seyè a, Bondye a, di ankò: M'ap fè nasyon yo siyon ak men m'. M'ap leve drapo m' pou m' avèti pèp yo. Se yo menm ankò ki pral pran pitit gason nou yo sou do yo, k'ap mete pitit fi nou yo sou zepòl yo pou mennen yo tounen lakay nou.
This is the word of the Lord God: See, I will make a sign with my hand to the nations, and put up my flag for the peoples; and they will take up your sons on their beasts, and your daughters on their backs.
οὕτως λέγει κύριος ἰδοὺ αἶρω εἰς τὰ ἔθνη τὴν χειρά μου καὶ εἰς τὰς νῆσους ἄρω σύσσημόν μου καὶ ἄξουσιν τοὺς υἱούς σου ἐν κόλπῳ τὰς δὲ θυγατέρας σου ἐπ' ὤμων ἀροῦσιν
- 23 Wa yo pral tankou papa pou nou. Pitit fi wa yo pral sèvi nou nouris. Y'ap ajenou devan nou, y'ap bese tèt yo jouk atè, Y'a niche pousyè ki nan pye nou. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. Moun ki mete tout espwa yo nan mwen p'ap janm wont.
And kings will take care of you, and queens will give you their milk: they will go down on their faces before you, kissing the dust of your feet; and you will be certain that I am the Lord, and that those who put their hope in me will not be shamed.
καὶ ἔσονται βασιλεῖς τιθηνοὶ σου αἱ δὲ ἄρχουσαι τροφοὶ σου ἐπὶ πρόσωπον τῆς γῆς προσκυνήσουσίν σοι καὶ τὸν χοῦν τῶν ποδῶν σου λειξουσιν καὶ γνώσῃ ὅτι ἐγὼ κύριος καὶ οὐκ αἰσχυνθήσῃ
- 24 ¶ Eske ou ka wete nan men yon vanyan gason bagay li pran nan lagè? Eske ou ka lage prizonnye ki anba men gwo chèf?
Will the goods of war be taken from the strong man, or the prisoners of the cruel one be let go?
μὴ λήμψεται τις παρὰ γίγαντος σκῦλα καὶ ἐὰν αἰχμαλωτεύσῃ τις ἀδίκως σωθήσεται
- 25 Men sa Seyè a reponn: Wi! Yo ka wete nan men yon vanyan sòlda sa li pran nan lagè. Yo ka lage prizonnye ki anba men yon gwo chèf. M'ap goumen pou nou ak tout moun k'ap fè nou lagè. M'a delivre pitit nou yo.
But the Lord says, Even the prisoners of the strong will be taken from him, and the cruel made to let go his goods: for I will take up your cause against your haters, and I will keep your children safe.
οὕτως λέγει κύριος ἐὰν τις αἰχμαλωτεύσῃ γίγαντα λήμψεται σκῦλα λαμβάνων δὲ παρὰ ἰσχύοντος σωθήσεται ἐγὼ δὲ τὴν κρίσιν σου κρινῶ καὶ ἐγὼ τοὺς υἱούς σου ῥύσομαι
- 26 Moun k'ap fè nou pase tray yo, m'ap fè yo yonn manje lòt. Y'ap bwè pwòp san yo jouk y'a sou tankou moun ki bwè diven. Lè sa a, tout moun va konnen se mwen menm, Seyè a, k'ap sove nou. Se mwen menm, Bondye fanmi Jakòb la, Bondye ki gen pouwa a, k'ap delivre nou.
And the flesh of your attackers will be taken by themselves for food; and they will take their blood for drink, as if it was sweet wine: and all men will see that I the Lord am your saviour, even he who takes up your cause, the Strong One of Jacob.
καὶ φάγονται οἱ θλίψαντές σε τὰς σάρκας αὐτῶν καὶ πίνουνται ὡς οἶνον νέον τὸ αἷμα αὐτῶν καὶ μεθυσθήσονται καὶ αἰσθανθήσεται πᾶσα σὰρξ ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ ῥυσάμενός σε καὶ ἀντιλαμβανόμενος ἰσχύος ἰακωβ
- 1 ¶ Men sa Seyè a di ankò: -Si m' te voye manman nou tounen lakay li, kote papye divòs mwen te ba li? Ki moun mwen te dwe lajan pou m' ta vann nou ba li tankou esklav? Se poutèt mehanste nou yo mwen te vann nou. Se poutèt peche nou yo mwen te voye manman nou tounen lakay li.
This is the word of the Lord: Where is the statement which I gave your mother when I put her away? or to which of my creditors have I given you for money? It was for your sins that you were given into the hands of others, and for your evil-doing was your mother put away.
οὕτως λέγει κύριος ποῖον τὸ βιβλίον τοῦ ἀποστασίου τῆς μητρὸς ὑμῶν ᾧ ἐξαπέστευλα αὐτήν ἢ τίνι ὑπόχρεω πέπρακα ὑμᾶς ἰδοὺ ταῖς ἀμαρτίαις ὑμῶν ἐπράθητε καὶ ταῖς ἀνομίαις ὑμῶν ἐξαπέστευλα τὴν μητέρα ὑμῶν
- 2 Poukisa, atò, lè mwen vin delivre nou an, pa gen pesonn ki vini jwenn mwen? Poukisa, lè m' rele nou, pesonn pa reponn? Eske se fòs mwen pa gen fòs ase pou m' delivre nou? Eske ponyèt mwen twò fèb pou m' sove nou? Se konnen nou pa konnen mwen annik louvri bouch mwen epi tout dlo lanmè cheche, tout laryivè tounen ravin chèch, tout pwason mouri paske yo pa jwenn dlo. Y'ap pouri.
Why, then, when I came, was there no man? and no one to give answer to my voice? has my hand become feeble, so that it is unable to take up your cause? or have I no power to make you free? See, at my word the sea becomes dry, I make the rivers a waste land: their fish are dead for need of water, and make an evil smell.
τί ὅτι ἦλθον καὶ οὐκ ἦν ἄνθρωπος ἐκάλεσα καὶ οὐκ ἦν ὁ ὑπακούων μὴ οὐκ ἰσχύει ἡ χεὶρ μου τοῦ ῥύσασθαι ἢ οὐκ ἰσχύω τοῦ ἐξελεῖσθαι ἰδοὺ τῇ ἀπειλῇ μου ἐξερημώσω τὴν θάλασσαν καὶ θήσω ποταμοὺς ὡς ἐρήμους καὶ ξηρανθήσονται οἱ ἰχθύες αὐτῶν ἀπὸ τοῦ μὴ εἶναι ὕδωρ καὶ ἀποθάνουσι ἐν δίψει

- 3 Mwen kouvri syèl la ak nwaj nwa. Li tankou yon moun ki nan lapenn pou ka lanmò!
By me the heavens are clothed with black, and I make haircloth their robe.
καὶ ἐνδύσω τὸν οὐρανὸν σκότος καὶ θήσω ὡς σάκκον τὸ περιβόλαιον αὐτοῦ
- 4 ¶ Seyè a moutre m' sa pou m' di, pou m' ka ankouraje moun ki pa kapab ankò. Chak maten li louvri zòrèy mwen, pou m' ka tande sa li pral moutre m', jan yon bon patizan fèt pou fè.
The Lord God has given me the tongue of those who are experienced, so that I may be able to give the word a special sense for the feeble: every morning my ear is open to his teaching, like those who are experienced:
κύριος δίδωσίν μοι γλῶσσαν παιδείας τοῦ γνῶναι ἐν καιρῷ ἡνίκα δεῖ εἰπεῖν λόγον ἔθικέν μοι προῖ προσέθηκέν μοι ὥτιον ἀκοῦειν
- 5 Seyè a, Bondye a, louvri lespri mwen, mwen pa kenbe tèt ak li. Mwen pa renka devan li.
And I have not put myself against him, or let my heart be turned back from him.
καὶ ἡ παιδεία κυρίου ἀνοίγει μου τὰ ὄτα ἐγὼ δὲ οὐκ ἀπειθῶ οὐδὲ ἀντιλέγω
- 6 Mwen pare do m' bay moun k'ap bat mwen yo. Mwen lonje figi m' bay moun k'ap rache bab mwen yo. Mwen pa kache figi m' lè y'ap joure m', lè y'ap krache sou mwen.
I was offering my back to those who gave me blows, and my face to those who were pulling out my hair: I did not keep my face covered from marks of shame.
τὸν νότον μου δέδωκα εἰς μάστιγας τὰς δὲ σιαγόνας μου εἰς ῥαπίσματα τὸ δὲ πρόσωπόν μου οὐκ ἀπέστρεψα ἀπὸ αἰσχύνῃς ἐμπυσιμάτων
- 7 Seyè a, Bondye a, ap pote m' sekou. Se poutèt sa, jouman yo pa ka fè m' anyen. Mwen sere dan m', mwen mare kè m' pou m' soufri. Mwen sèten, Bondye p'ap fè m' wont.
For the Lord God is my helper; I will not be put to shame: so I have made my face like a rock, and I am certain that he will give me my right.
καὶ κύριος βοηθός μου ἐγενήθη διὰ τοῦτο οὐκ ἐνετράπην ἀλλὰ ἔθικα τὸ πρόσωπόν μου ὡς στερεὰν πέτραν καὶ ἔγνω ὅτι οὐ μὴ αἰσχυνθῶ
- 8 Moun ki pral rann mwen jistis la pa lwen rive. Ki moun ki vle plede ak mwen? Ann konparèt ansanm devan tribinal la? Kilès ki vle rele m' lajistis? Se pou l' vin kanpe la devan m'!
He who takes up my cause is near; who will go to law with me? let us come together before the judge: who is against me? let him come near to me.
ὅτι ἐγγίξει ὁ δικαίωσας με τίς ὁ κρινόμενός μοι ἀντιστήτω μοι ἅμα καὶ τίς ὁ κρινόμενός μοι ἐγγισάτω μοι
- 9 Se Seyè a menm, Bondye a, k'ap pote m' sekou. Ki moun ki ka fè yo kondannen m'? Tout moun k'ap akize m' yo pral disparèt. Y'ap tankou yon rad vèmen ap devore.
See, the Lord God is my helper; who will give a decision against me? truly, all of them will become old like a robe; they will be food for the worm.
ἰδοὺ κύριος βοηθεῖ μοι τίς κακώσει με ἰδοὺ πάντες ὑμεῖς ὡς ἱμάτιον παλαιωθήσεσθε καὶ ὡς σῆς καταφάγεται ὑμᾶς
- 10 ¶ Nou tout ki gen krentif pou Seyè a, nou tout k'ap koute pawòl sèvitè li a, nou wè jan chemen m'ap swiv la fè nwa san yon ti limyè ladan l'. Se pou nou met konfyans nou nan Seyè a. Apiye sou Bondye nou an!
Who among you has the fear of the Lord, giving ear to the voice of his servant who has been walking in the dark and has no light? Let him put his faith in the name of the Lord, looking to his God for support.
τίς ἐν ὑμῖν ὁ φοβούμενος τὸν κύριον ἀκουσάτω τῆς φωνῆς τοῦ παιδὸς αὐτοῦ οἱ πορευόμενοι ἐν σκότει οὐκ ἔστιν αὐτοῖς φῶς πεποιθατε ἐπὶ τῷ ὀνόματι κυρίου καὶ ἀντιστηρίσασθε ἐπὶ τῷ θεῷ
- 11 Men nou tout k'ap pouse dife, k'ap fè plan pou detwi lòt moun, se nou menm ki pral boule nan dife nou limen an, se nou menm ki pral pran nan plan n'ap fè yo. Se Seyè a menm ki pral fè sa rive nou: Nou pral tòde ak doule nan kabann nou.
See, all you who make a fire, arming yourselves with burning branches: go in the flame of your fire, and among the branches you have put a light to. This will you have from my hand, you will make your bed in sorrow.
ἰδοὺ πάντες ὑμεῖς πῦρ καίετε καὶ κατισχύετε φλόγα πορεύεσθε τῷ φωτὶ τοῦ πυρὸς ὑμῶν καὶ τῇ φλογί ἧ ἔξεκαύσατε δι' ἐμὲ ἐγένετο ταῦτα ὑμῖν ἐν λύπῃ κοιμηθήσεσθε
- 1 ¶ Men sa Seyè a di: -Nou tout ki dèyè delivrans, nou tout k'ap chache Seyè a, chonje wòch kote nou soti a, chonje min kote yo wete nou an!
Give ear to me, you who are searching for righteousness, who are looking for the Lord: see the rock from which you were cut out, and the hole out of which you were taken.
ἀκούσατέ μου οἱ διώκοντες τὸ δίκαιον καὶ ζητοῦντες τὸν κύριον ἐμβλέψατε εἰς τὴν στερεὰν πέτραν ἣν ἐλατομήσατε καὶ εἰς τὸν βόθυνον τοῦ λάκκου ὃν ὠρύξατε
- 2 Chonje Abraram, zansèt nou an, ak Sara, manman ki fè nou an! Lè m' te rele Abraram, li pa t' gen pitit. Mwen beni l', mwen ba li anpil pitit.
Let your thoughts be turned to Abraham, your father, and to Sarah, who gave you birth: for when he was but one, my voice came to him, and I gave him my blessing, and made him a great people.
ἐμβλέψατε εἰς ἀβραὰμ τὸν πατέρα ὑμῶν καὶ εἰς σαρραν τὴν ὠδίνουσαν ὑμᾶς ὅτι εἷς ἦν καὶ ἐκάλεσα αὐτὸν καὶ εὐλόγησα αὐτὸν καὶ ἠγάπησα αὐτὸν καὶ ἐπλήθυνα αὐτόν
- 3 Mwen menm Seyè a, mwen pral gen pitye pou peyi Siyon an, pou tout moun k'ap viv nan kay kraze l' yo. M'ap fè tout dezè li yo tounen bèl jaden, tout savann li yo tounen tankou premye jaden mwen te plante Edenn lan. Se kè kontan, se fèt ase ki va gen la. Y'a chante, y'a fè mizik pou di m' mèsi.
For the Lord has given comfort to Zion: he has made glad all her broken walls; making her waste places like Eden, and changing her dry land into the garden of the Lord; joy and delight will be there, praise and the sound of melody.
καὶ σὲ νῦν παρακαλέσω σιών καὶ παρεκάλεσα πάντα τὰ ἔρημα αὐτῆς καὶ θήσω τὰ ἔρημα αὐτῆς ὡς παράδεισον κυρίου εὐφροσύνην καὶ ἀγαλλίαμα εὐρήσουσιν ἐν αὐτῇ ἔξομολόγησιν καὶ φωνὴν αἰνέσεως

- 4 ¶ Nou menm pèp mwen, koute sa m'ap di nou: Nou menm nasyon yo, pare zòrèy nou: Se mwen menm ki bay lalwa ki la pou rann jistis, pou sa sèvi yon limyè pou tout nasyon yo.
Give attention to me, O my people; and give ear to me, O my nation; for teaching will go out from me, and the knowledge of the true God will be a light to the peoples.
ἀκούσατέ μου ἀκούσατε λαός μου καὶ οἱ βασιλεῖς πρὸς με ἐνωτίσασθε ὅτι νόμος παρ' ἐμοῦ ἐξελεύσεται καὶ ἡ κρίσις μου εἰς φῶς ἐθνῶν
- 5 Mwen p'ap mize vin sove nou. Talè konsa m'ap delivre nou. Se mwen menm ki pral gouvènen nasyon yo. Moun ki sou zile yo ap tann mwen vini, y'ap tann mwen vin delivre yo.
Suddenly will my righteousness come near, and my salvation will be shining out like the light; the sea-lands will be waiting for me, and they will put their hope in my strong arm.
ἐγγίξει ταχὺ ἡ δικαιοσύνη μου καὶ ἐξελεύσεται ὡς φῶς τὸ σωτήριόν μου καὶ εἰς τὸν βραχίονά μου ἔθνη ἐλπιοῦσιν ἐμὲ νῆσοι ὑπομενοῦσιν καὶ εἰς τὸν βραχίονά μου ἐλπιοῦσιν
- 6 Leve je nou gade syèl la! Voye je gade latè! Syèl la pral disparèt tankou laffimen. Latè pral fini tankou yon vye rad. Moun ki rete sou latè pral mouri tankou mouch. Men, delivrans m'ap ba yo a ap la pou tout tan. Mwen p'ap janm bezwen delivre yo ankò apre sa.
Let your eyes be lifted up to the heavens, and turned to the earth which is under them: for the heavens will go in flight like smoke, and the earth will become old like a coat, and its people will come to destruction like insects: but my salvation will be for ever, and my righteousness will not come to an end.
ἄρατε εἰς τὸν οὐρανὸν τοὺς ὀφθαλμοὺς ὑμῶν καὶ ἐμβλέψατε εἰς τὴν γῆν κάτω ὅτι ὁ οὐρανὸς ὡς καπνὸς ἐστερεώθη ἡ δὲ γῆ ὡς ἱμάτιον παλαιωθήσεται οἱ δὲ κατοικοῦντες τὴν γῆν ὡσπερ ταῦτα ἀποθανοῦνται τὸ δὲ σωτήριόν μου εἰς τὸν αἰῶνα ἔσται ἡ δὲ δικαιοσύνη μου οὐ μὴ ἐκλείπῃ
- 7 Nou menm ki konnen sa ki dwat, koute sa m'ap di nou. Nou menm ki kenbe lòd mwen yo nan kè nou, nou pa bezwen pè lè moun ap trennen nou nan labou, nou pa bezwen tranble lè moun ap joure nou.
Give ear to me, you who have knowledge of righteousness, in whose heart is my law; have no fear of the evil words of men, and give no thought to their curses.
ἀκούσατέ μου οἱ εἰδότες κρίσιν λαός μου οὐ ὁ νόμος μου ἐν τῇ καρδίᾳ ὑμῶν μὴ φοβείσθε ὀνειδισμὸν ἀνθρώπων καὶ τῷ φαυλισμῷ αὐτῶν μὴ ἠτᾶσθε
- 8 Moun sa yo pral disparèt tankou rad sizo ap devore. Yo pral fini tankou twal ki kanni. Men delivrans m'ap ban nou an ap la pou tout tan. Pitit pitit nou yo p'ap janm nan ka pou m' delivre yo ankò.
For like a coat they will be food for the insect, the worm will make a meal of them like wool: but my righteousness will be for ever, and my salvation to all generations.
ὡσπερ γὰρ ἱμάτιον βρωθήσεται ὑπὸ χρόνου καὶ ὡς ἔριμ βρωθήσεται ὑπὸ σιτῆος ἡ δὲ δικαιοσύνη μου εἰς τὸν αἰῶνα ἔσται τὸ δὲ σωτήριόν μου εἰς γενεὰς γενεῶν
- 9 ¶ Leve non, Seyè! Leve non! Mete kouraj ou sou ou, Seyè! Leve non, tankou nan tan lontan, jan ou te fè l' sou tan zansèt nou yo! Apa ou menm ki te fann Raab pak an pak? Apa ou menm ki te pèsè gwo dragon lanmè a?
Awake! awake! put on strength, O arm of the Lord, awake! as in the old days, in the generations long past. Was it not by you that Rahab was cut in two, and the dragon Wounded?
ἐξεγείρου ἐξεγείρου ἱερουσαλὴμ καὶ ἔνδουσαι τὴν ἰσχνὴν τοῦ βραχίονός σου ἐξεγείρου ὡς ἐν ἀρχῇ ἡμέρας ὡς γενεὰ αἰῶνος οὐ σὺ εἶ
- 10 Se ou menm ki te cheche dlo lanmè a. Se ou menm ki te louvri yon chemen nan mitan lanmè a pou moun ou t'ap delivre yo te ka pase.
Did you not make the sea dry, the waters of the great deep? did you not make the deep waters of the sea a way for the Lord's people to go through?
ἢ ἐρημοῦσα θάλασσαν ὕδωρ ἀβύσσου πληθὸς ἡ θείσα τὰ βάθη τῆς θαλάσσης ὁδὸν διαβάσεως ῥυομένους
- 11 Moun Seyè a delivre yo ap tounen lakay yo. Y'ap rive sou mòn Siyon an avèk chante nan bouch yo, ak yon kontantman nan tout figi yo, yon sèl kè kontan ki p'ap janm fini. P'ap gen lapenn, p'ap gen plenyen ankò. Se va kè kontan ak fèt pou tout tan.
Those whom the Lord has made free will come back with songs to Zion; and on their heads will be eternal joy: delight and joy will be theirs, and sorrow and sounds of grief will be gone for ever.
καὶ λευκωμένοι ὑπὸ γὰρ κυρίου ἀποστραφήσονται καὶ ἤξουσιν εἰς σιὼν μετ' εὐφροσύνης καὶ ἀγαλλιάματος αἰωνίου ἐπὶ γὰρ τῆς κεφαλῆς αὐτῶν ἀγαλλίσις καὶ αἴνεσις καὶ εὐφροσύνη καταλήμψεται αὐτούς ἀπέδρα ὁδὸν καὶ λύπη καὶ στεναγμός
- 12 Seyè a di: -Se mwen menm k'ap ban nou kouraj. Poukisa pou nou ta pè moun ki la pou mouri, moun ki gen pou pase tankou zèb nan savann?
I, even I, am your comforter: are you so poor in heart as to be in fear of man who will come to an end, and of the son of man who will be like grass?
ἐγὼ εἰμι ἐγὼ εἰμι ὁ παρακαλῶν σε γνόθι τίνα εὐλαβήθεισα ἐφοβήθης ἀπὸ ἀνθρώπου θνητοῦ καὶ ἀπὸ υἱοῦ ἀνθρώπου οἱ ὅσει χόρτος ἐξηράνθησαν
- 13 Gen lè ou bliye Seyè ki te fè ou la, li menm ki te louvri syèl la epi ki te poze fondasyon latè a? Poukisa tout lajounen w'ap tranble konsa devan kòlè moun k'ap peze ou yo, moun k'ap chache detwi ou yo? Kisa kòlè moun sa yo ka fè ou?
And you have given no thought to the Lord your Maker, by whom the heavens were stretched out, and the earth placed on its base; and you went all day in fear of the wrath of the cruel one, when he was making ready for your destruction. And where is the wrath of the cruel one?
καὶ ἐπελάθου θεὸν τὸν ποιήσαντά σε τὸν ποιήσαντα τὸν οὐρανὸν καὶ θεμελιώσαντα τὴν γῆν καὶ ἐφόβου αἰὲ πάσας τὰς ἡμέρας τὸ πρόσωπον τοῦ θυμοῦ τοῦ θλίβοντός σε ὃν τρόπον γὰρ ἐβουλεύσατο τὸ ὄφραί σε καὶ νῦν ποῦ ὁ θυμὸς τοῦ θλίβοντός σε
- 14 Talè konsa, yo pral lage moun ki nan prizon yo. Yo p'ap mouri nan kacho. Y'a jwenn kont manje pou yo manje.
The prisoner, bent under his chain, will quickly be made free, and will not go down into the underworld, and his bread will not come to an end.
ἐν γὰρ τῷ σώζεσθαί σε οὐ στήσεται οὐδὲ χρονεῖ

- 15 Se mwen menm, Seyè a, ki Bondye ou la. Mwen souke dlo lanmè a, mwen fè lanm lanmè yo gwonde. Seyè ki gen tout pouvwa a, se konsa yo rele m'!
For I am the Lord your God, who makes the sea calm when its waves are thundering: the Lord of armies is his name.
ὅτι ἐγὼ ὁ θεὸς σου ὁ ταράσσω τὴν θάλασσαν καὶ ἠχῶν τὰ κύματα αὐτῆς κύριος σαβαωθ ὄνομά μου
- 16 Lè m' t'ap louvri syèl la, lè m' t'ap mete fondasyon latè a, mwen te di moun Siyon yo: se pèp mwen nou ye. Mwen te mete pawòl mwen nan bouch nou. Mwen te pwoteje nou ak fòs ponyèt mwen.
And I have put my words in your mouth, covering you with the shade of my hand, stretching out the heavens, and placing the earth on its base, and saying to Zion, You are my people.
θήσω τοὺς λόγους μου εἰς τὸ στόμα σου καὶ ὑπὸ τὴν σκιὰν τῆς χειρὸς μου σκεπάσω σε ἐν ᾗ ἔστησα τὸν οὐρανὸν καὶ ἐθεμελίωσα τὴν γῆν καὶ ἐρεῖ σιων λαός μου εἶ σύ
- 17 ¶ Leve non, lavil Jerizalèm! Leve non! Souke kò ou. Leve non! Ou fin bwè gode chatiman Bondye te ba ou bwè nan kòlè li a. Ou bwè dènye degout ki te nan gode a jouk li fè tèt ou vire!
Awake! awake! up! O Jerusalem, you who have taken from the Lord's hand the cup of his wrath; tasting in full measure the wine which overcomes.
ἐξεγείρου ἐξεγείρου ἀνάστηθι ἱερουσαλημ ἢ πιούσα τὸ ποτήριον τοῦ θυμοῦ ἐκ χειρὸς κυρίου τὸ ποτήριον γὰρ τῆς πτώσεως τὸ κόνδου τοῦ θυμοῦ ἐξέπιες καὶ ἐξεκένωσας
- 18 Nanpwen yonn nan tout pitit li fè yo ki la pou moutre l' chemen pou l' pran. Pa gen yonn nan tout pitit li elve yo ki la pou ba l' men.
She has no one among all her children to be her guide; not one of the sons she has taken care of takes her by the hand.
καὶ οὐκ ἦν ὁ παρακαλῶν σε ἀπὸ πάντων τῶν τέκνων σου ὃν ἔτεκες καὶ οὐκ ἦν ὁ ἀντιλαμβάνομενος τῆς χειρὸς σου οὐδὲ ἀπὸ πάντων τῶν υἱῶν σου ὃν ὕψωσας
- 19 De malè tonbe sou ou yonn apre lòt. Ki moun ki ka plenn sò ou? Yo ravaje peyi a, yo fini avè l'. Grangou ak lagè fin touye moun ou yo. Pa gen moun ankò ki pou ba ou kouraj.
These two things have come on you; who will be weeping for you? wasting and destruction; death from need of food, and from the sword; how may you be comforted?
δύο ταῦτα ἀντικείμενά σοι τίς σοι συλλυπηθήσεται πτόμα καὶ σύντριμμα λιμὸς καὶ μάχαιρα τίς σε παρακαλέσει
- 20 Nan tout kwen lari, moun ou yo kouche atè san konesans. Tankou bèt nan bwa, yo pran nan pèlen. Kòlè Seyè a fè yo sou. Bondye pa nan pale mete la.
Your sons are overcome, like a roe in a net; they are full of the wrath of the Lord, the punishment of your God.
οἱ υἱοὶ σου οἱ ἀπορούμενοι οἱ καθεύδοντες ἐπ' ἄκρου πάσης ἐξόδου ὡς σευτλίον ἠμίεφθον οἱ πλήρεις θυμοῦ κυρίου ἐκκελυμένοι διὰ κυρίου τοῦ θεοῦ
- 21 Se poutèt sa, nou menm moun lavil Jerizalèm ki nan soufrans, koute pawòl sa yo byen, nou menm ki sou tankou si nou te bwè diven.
So now give ear to this, you who are troubled and overcome, but not with wine:
διὰ τοῦτο ἄκουε τεταπεινωμένη καὶ μεθύουσα οὐκ ἀπὸ οἴνου
- 22 Seyè a, Bondye nou an, pale. Men sa Bondye k'ap pran defans pèp li a di: -Mwen pral wete nan men nou gode mwen te ban nou bwè nan kòlè mwen an. Nou p'ap gen pou nou bwè ankò nan gode k'ap fè nou sou a.
This is the word of the Lord your master, even your God who takes up the cause of his people: See, I have taken out of your hand the cup which overcomes, even the cup of my wrath; it will not again be given to you:
οὕτως λέγει κύριος ὁ θεὸς ὁ κρίνων τὸν λαὸν αὐτοῦ ἰδοὺ εἴληφα ἐκ τῆς χειρὸς σου τὸ ποτήριον τῆς πτώσεως τὸ κόνδου τοῦ θυμοῦ καὶ οὐ προσθήσῃ ἔτι πιεῖν αὐτό
- 23 Se moun ki t'ap maltrete nou yo mwen pral bay li, moun ki t'ap fè nou pase tray yo epi ki t'ap di nou: Kouche kò nou atè pou nou ka pase sou nou. Lè konsa, nou pare do nou ba yo vre atè a, yo mache sou nou, tankou sou granchemen kote moun ap pase!
And I will put it into the hand of your cruel masters, and of those whose yoke has been hard on you; who have said to your soul, Down on your face! so that we may go over you: and you have given your backs like the earth, even like the street, for them to go over.
καὶ ἐμβαλῶ αὐτὸ εἰς τὰς χεῖρας τῶν ἀδικησάντων σε καὶ τῶν ταπεινοσάντων σε οἱ εἶπαν τῇ ψυχῇ σου κύψον ἵνα παρέλθωμεν καὶ ἐθηκας ἴσα τῇ γῇ τὰ μετὰφρενά σου ἔξω τοῖς παραπορευομένοις
- 1 ¶ Leve non, mòn Siyon! Leve non! Mete kouraj ou sou ou! Mete pi bèl rad ou sou ou, ou menm Jerizalèm, lavil Bondye a! Paske moun lòt nasyon yo, ki pa pote mak kontra Bondye a, ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye, p'ap janm mete pye lakay ou ankò.
Awake! awake! put on your strength, O Zion; put on your beautiful robes, O Jerusalem, the holy town: for from now there will never again come into you the unclean and those without circumcision.
ἐξεγείρου ἐξεγείρου σιων ἐνδύσαι τὴν ἰσχύν σου σιων καὶ ἐνδύσαι τὴν δόξαν σου ἱερουσαλημ πόλις ἡ ἁγία οὐκέτι προστεθήσεται διελθεῖν διὰ σοῦ ἀπερίμητος καὶ ἀκάθαρτος
- 2 Ou menm lavil Jerizalèm ki nan prizon, souke pousyè ki sou ou, leve atè a, chita sou fòtèy ou! Wete chemn yo te pase nan kou ou yo, ou menm mòn Siyon ki te nan prizon!
Make yourself clean from the dust; up! and take the seat of your power, O Jerusalem: the bands of your neck are loose, O prisoned daughter of Zion.
ἐκτίναξαι τὸν χοῦν καὶ ἀνάστηθι κάθισον ἱερουσαλημ ἐκδύσαι τὸν δεσμὸν τοῦ τραχήλου σου ἡ αἰχμάλωτος θυγάτηρ σιων
- 3 Men sa Seyè a di pèp li a. -Yo pa t' bay lajan pou achte nou lè nou te tounen esklav. Yo p'ap bay lajan non plis pou delivre nou lè y'a lage nou.
For the Lord says, You were given for nothing, and you will be made free without price.
ὅτι τάδε λέγει κύριος δωρεὰν ἐπράθητε καὶ οὐ μετὰ ἀργυρίου λυτρωθήσεσθε

- 4 Men sa Seyè a, Bondye a, di: -Nan tan lontan, pèp mwen an te desann al rete nan peyi Lejip. Apre sa, Lasiri fè yo pase kont mizè yo pou anyen.
For the Lord God says, My people went down at first into Egypt, to get a place for themselves there: and the Assyrian put a cruel yoke on them without cause.
οὕτως λέγει κύριος εἰς αἴγυπτον κατέβη ὁ λαός μου τὸ πρότερον παρourkeῖσαι ἐκεῖ καὶ εἰς ἀσσυρίους βία ἤχθησαν
- 5 Koulye a, sa pou m' fè la a? Se Seyè a menm k'ap di sa. Yo pran pèp mwen an, yo depòte yo pou anyen. Moun k'ap kraze yo a ap pale fò, y'ap fè grandizè. Se Seyè a menm ki di sa. Epi tout lajounen, san rete y'ap trennen non m' nan labou.
Now then, what have I here? says the Lord, for my people are taken away without cause; they are made waste and give cries of sorrow, says the Lord, and all the day the nations put shame on my name.
καὶ νῦν τί ὧδέ ἐστε τάδε λέγει κύριος ὅτι ἐλήμφθη ὁ λαός μου δωρεάν θαυμάζετε καὶ ὀλολύζετε τάδε λέγει κύριος δι' ὑμᾶς διὰ παντὸς τὸ ὄνομά μου βλασφημεῖται ἐν τοῖς ἔθνεσιν
- 6 Men jou sa a, pèp mwen an va rekonèt se mwen menm Bondye, ki pale ak nou! Men mwen!
For this cause I will make my name clear to my people; in that day they will be certain that it is my word which comes to them; see, here am I.
διὰ τοῦτο γινώσεται ὁ λαός μου τὸ ὄνομά μου ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ὅτι ἐγὼ εἰμι αὐτὸς ὁ λαλῶν πάρειμι
- 7 ¶ Ala bèl sa bèl lè ou wè sou mòn yo mesaje a k'ap kouri pote bon nouvèl k'ap bay kè poze a! L'ap fè konnen delivrans Bondye a. L'ap di moun Siyon yo: Se Bondye ou la k'ap gouvènen!
How beautiful on the mountains are the feet of him who comes with good news, who gives word of peace, saying that salvation is near; who says to Zion, Your God is ruling!
ὡς ὄρα ἐπὶ τῶν ὀρέων ὡς πόδες εὐαγγελιζομένου ἀκοῆν εἰρήνης ὡς εὐαγγελιζόμενος ἀγαθὰ ὅτι ἀκουστὴν ποιήσω τὴν σωτηρίαν σου λέγων σίων βασιλεύσει σου ὁ θεός
- 8 Faksyonnè ou yo ap rele. Y'ap rele ansanm tèlman yo kontan. Y'ap wè, se ak pwòp je yo y'a wè Seyè a k'ap tounen sou mòn Siyon an!
The voice of your watchmen! their voices are loud in song together; for they will see him, eye to eye, when the Lord comes back to Zion.
ὅτι φωνὴ τῶν φυλασσόντων σε ὑψώθη καὶ τῇ φωνῇ ἅμα εὐφρανθήσονται ὅτι ὀφθαλμοὶ πρὸς ὀφθαλμοὺς ὄψονται ἡνίκα ἂν ἐλεήσει κύριος τὴν σίων
- 9 Pete rele, fè fèt ansanm, nou menm vye miray mazi lavil Jerizalèm yo! Paske Seyè a bay pèp li a kouraj ankò, li delivre lavil Jerizalèm.
Give sounds of joy, make melody together, waste places of Jerusalem: for the Lord has given comfort to his people, he has taken up the cause of Jerusalem.
ῥηξάτω εὐφροσύνην ἅμα τὰ ἔρημα ἱερουσαλήμ ὅτι ἠλέησεν κύριος αὐτὴν καὶ ἐρρύσατο ἱερουσαλήμ
- 10 Seyè a fè tout nasyon yo wè fòs kouraj li ki apa nèt la. Toupatou sou latè yo wè jan Bondye nou an ap delivre pèp li a.
The Lord has let his holy arm be seen by the eyes of all nations; and all the ends of the earth will see the salvation of our God.
καὶ ἀποκαλύψει κύριος τὸν βραχίονα αὐτοῦ τὸν ἅγιον ἐνώπιον πάντων τῶν ἔθνων καὶ ὄψονται πάντα τὰ ἄκρα τῆς γῆς τὴν σωτηρίαν τὴν παρὰ τοῦ θεοῦ
- 11 Wete kò nou nan lavil Babilòn! Wete kò nou! Pati ale! Pa manyen anyen nou pa dwe manyen! Wete kò nou nan mitan lavil la. Mete nou nan kondisyon pou nou fè sèvis pou Bondye, nou menm k'ap pote veso ki apa pou sèvis Seyè a.
Away! away! go out from there, touching no unclean thing; go out from among her; be clean, you who take up the vessels of the Lord.
ἀπόστητε ἀπόστητε ἐξέλθατε ἐκεῖθεν καὶ ἀκαθάρτου μὴ ἄπτεσθε ἐξέλθατε ἐκ μέσου αὐτῆς ἀφορίσθητε οἱ φέροντες τὰ σκεῦη κυρίου
- 12 Fwa sa a, nou pa bezwen prese kouri ale. Nou p'ap fè tankou moun k'ap kouri chape poul yo. Paske Seyè a, Bondye nou an, ap pran devan nou. Se li menm tou, Bondye pèp Izrayèl la, k'ap mache dèyè pou pwoteje nou.
For you will not go out suddenly, and you will not go in flight: for the Lord will go before you, and the God of Israel will come after you to keep you.
ὅτι οὐ μετὰ ταραχῆς ἐξελεύσεσθε οὐδὲ φυγῇ πορεύσεσθε πορεύσεται γὰρ πρότερος ὑμῶν κύριος καὶ ὁ ἐπισυνάγων ὑμᾶς κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ
- 13 ¶ Seyè a di: -Men li, sèvitè m' lan va wè tout travay li ap mache byen! L'a vin grannèg. Moun va konsidere l' anpil. Y'a pote l' anlè!
See, my servant will do well in his undertakings, he will be honoured, and lifted up, and be very high.
ἰδοὺ συνήσει ὁ παῖς μου καὶ ὑψωθήσεται καὶ δοξασθήσεται σφόδρα
- 14 Menm jan anpil moun te pran sezisman lè yo te wè l', sitèlman li te defigire, sitèlman figi l' pa t' sanble menm ak figi moun,
As peoples were surprised at him, And his face was not beautiful, so as to be desired: his face was so changed by disease as to be unlike that of a man, and his form was no longer that of the sons of men.
ὄν τρόπον ἐκστήσονται ἐπὶ σὲ πολλοὶ οὕτως ἀδοξήσει ἀπὸ ἀνθρώπων τὸ εἶδός σου καὶ ἡ δόξα σου ἀπὸ τῶν ἀνθρώπων
- 15 konsa tou, anpil nasyon va kontan lè y'a wè l' fwa sa a. Wa yo va rete bouch be devan li sitèlman y'a sezi. Paske y'a wè bagay moun pa t' janm rakonte yo anvan sa, y'a konprann bagay yo pa t' janm tande anvan.
So will nations give him honour; kings will keep quiet because of him: for what had not been made clear to them they will see; and they will give their minds to what had not come to their ears.
οὕτως θαυμάσονται ἔθνη πολλὰ ἐπ' αὐτῷ καὶ συνέξουσιν βασιλεῖς τὸ στόμα αὐτῶν ὅτι οἷς οὐκ ἀνηγγέλη περὶ αὐτοῦ ὄψονται καὶ οἱ οὐκ ἀκηκόασιν συνήσουσιν

- 1 ¶ Pèp la va reponn: -Ki moun ki te kwè sa n'ap tande la a? Ki moun ki rekonèt travay Bondye a nan sa ki rive la a?
Who would have had faith in the word which has come to our ears, and to whom had the arm of the Lord been unveiled?
κύριε τίς ἐπίστευσεν τῇ ἀκοῇ ἡμῶν καὶ ὁ βραχίον κυρίου τίνι ἀπεκαλύφθη
- 2 Li te grandi devan Bondye tankou yon ti plant ki tou fèb, tankou yon ti kreyòl ki pouse nan tè sèk. Li pa t' bèl gason, li pa t' gen anyen nan li ki pou ta fè nou vire gade l'. Li pa t' sanble anyen ki ta ka fè nou kontan ret gade l'.
For his growth was like that of a delicate plant before him, and like a root out of a dry place: he had no grace of form, to give us pleasure;
ἀνηγγελάμεν ἐναντίον αὐτοῦ ὡς παιδίον ὡς ρίζα ἐν γῆ διψώσῃ οὐκ ἔστιν εἶδος αὐτῷ οὐδὲ δόξα καὶ εἶδομεν αὐτόν καὶ οὐκ εἶχεν εἶδος οὐδὲ κάλλος
- 3 Nou pa t' gade l' menm, tout moun te vire do ba li. Li te soufri anpil, li te tout tan nan gwo lapenn. Tout moun te vire tèt yo pou yo pa wè l'. Nou pa t' okipe l', nou pa t' pran ka l' menm.
Men made sport of him, turning away from him; he was a man of sorrows, marked by disease; and like one from whom men's faces are turned away, he was looked down on, and we put no value on him.
ἀλλὰ τὸ εἶδος αὐτοῦ ἄτιμον ἐκλείπον παρὰ πάντας ἀνθρώπους ἄνθρωπος ἐν πληγῇ ὧν καὶ εἰδὼς φέρειν μαλακίαν ὅτι ἀπέστραπται τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἠτιμάσθη καὶ οὐκ ἐλογίσθη
- 4 ¶ Men, se soufrans nou ta gen pou nou soufri a li t'ap soufri pou nou. Se doule nou ta gen pou santi nan kò pa nou li te pran sou do l'. Nou menm menm, nou te konprann se pini Bondye t'ap pini l'.
Nou te konprann se frape Bondye t'ap frape l', se kraze Bondye t'ap kraze l' anba men l'.
But it was our pain he took, and our diseases were put on him: while to us he seemed as one diseased, on whom God's punishment had come.
οὗτος τὰς ἀμαρτίας ἡμῶν φέρει καὶ περὶ ἡμῶν ὀδυνᾶται καὶ ἡμεῖς ἐλογισάμεθα αὐτὸν εἶναι ἐν πόνῳ καὶ ἐν πληγῇ καὶ ἐν κακώσει
- 5 Men, se pou peche nou kifè yo te mete san l' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze l' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze. Avèk tout kou li te resewva yo, li ban nou gerizon.
But it was for our sins he was wounded, and for our evil doings he was crushed: he took the punishment by which we have peace, and by his wounds we are made well.
αὐτὸς δὲ ἐτραυματίσθη διὰ τὰς ἀνομίας ἡμῶν καὶ μεμαλάκισται διὰ τὰς ἀμαρτίας ἡμῶν παιδεία εἰρήνης ἡμῶν ἐπ' αὐτόν τῷ μώλωπι αὐτοῦ ἡμεῖς ἰάθημεν
- 6 Nou te tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo. Men, chatiman ki pou te tonbe sou nou an, Seyè a fè l' tonbe sou li.
We all went wandering like sheep; going every one of us after his desire; and the Lord put on him the punishment of us all.
πάντες ὡς πρόβατα ἐπλανήθημεν ἄνθρωπος τῇ ὁδῷ αὐτοῦ ἐπλανήθη καὶ κύριος παρέδωκεν αὐτὸν ταῖς ἀμαρτίαις ἡμῶν
- 7 Yo te maltrete l', men li menm se bese li bese tèt li ase. Tankou yon ti mouton y'ap mennen labatwa, li pa t' janm louvri bouch li di krik. Wi, tankou yon manman mouton ki pa di krik pandan y'ap taye lenn sou do l', li pa t' janm louvri bouch li di anyen.
Men were cruel to him, but he was gentle and quiet; as a lamb taken to its death, and as a sheep before those who take her wool makes no sound, so he said not a word.
καὶ αὐτὸς διὰ τὸ κεκακῶσθαι οὐκ ἀνοίγει τὸ στόμα ὡς πρόβατον ἐπὶ σφαγῆν ἤχθη καὶ ὡς ἄμνος ἐναντίον τοῦ κείροντος αὐτὸν ἄφωνος οὕτως οὐκ ἀνοίγει τὸ στόμα αὐτοῦ
- 8 Yo pran l', yo mete l' nan prizon, yo trennen l' tribinal. Pa t' gen pesonn pou te pran ka l', lè yo wete l' nan mitan moun k'ap viv sou tè a. Se pou peche pèp mwen an yo te touye l'.
They took away from him help and right, and who gave a thought to his fate? for he was cut off from the land of the living; he came to his death for the sin of my people.
ἐν τῇ ταπεινώσει ἢ κρίσις αὐτοῦ ἤρθη τὴν γενεὰν αὐτοῦ τίς διηγῆσεται ὅτι αἶρεται ἀπὸ τῆς γῆς ἢ ζωὴ αὐτοῦ ἀπὸ τῶν ἀνομῶν τοῦ λαοῦ μου ἤχθη εἰς θάνατον
- 9 Atout li pa t' janm fè ankenn krim, yo antere l' menm kote ak mechan yo. Atout li pa t' janm kite manti soti nan bouch li, yo mete l' nan yon kavon nan mitan tonm moun rich yo.
And they put his body into the earth with sinners, and his last resting-place was with the evil-doers, though he had done no wrong, and no deceit was in his mouth.
καὶ δόσω τοὺς πονηροὺς ἀντὶ τῆς ταφῆς αὐτοῦ καὶ τοὺς πλουσίους ἀντὶ τοῦ θανάτου αὐτοῦ ὅτι ἀνομίαν οὐκ ἐποίησεν οὐδὲ εὗρέθη δόλος ἐν τῷ στόματι αὐτοῦ
- 10 ¶ Men, se te volonte Bondye pou yo te kraze l' anba soufrans konsa, pou l' te bay lavi li pou Bondye te ka padonnen peche nou yo. L'a wè pitit pitit li yo. L'a viv pi lontan toujou. Se konsa travay Seyè a va mache byen nan men l'.
And the Lord was pleased ... see a seed, long life, ... will do well in his hand. ...
καὶ κύριος βούλεται καθαρῶσαι αὐτὸν τῆς πληγῆς ἐὰν δῶτε περὶ ἀμαρτίας ἢ ψυχῇ ἡμῶν ὄψεται σπέρμα μακρόβιον καὶ βούλεται κύριος ἀφελεῖν
- 11 Apre tout soufrans sa yo, l'a jwenn kè kontan ankò. L'a konnen li pa t' soufri pou gremesi. Li te sèvi Bondye yon jan ki kòrèk nèt. Li te pran chatiman anpil moun sou do l'. L'a fè Bondye fè yo gras.
... made clear his righteousness before men ... had taken their sins on himself.
ἀπὸ τοῦ πόνου τῆς ψυχῆς αὐτοῦ δεῖξαι αὐτῷ φῶς καὶ πλάσαι τῇ συνέσει δικαιοῦσαι δίκαιον εἰς δουλεύοντα πολλοῖς καὶ τὰς ἀμαρτίας αὐτῶν αὐτὸς ἀνοίσει
- 12 Se poutèt sa, m'ap pran l' mete l' chèf. M'ap ba li plas nan mitan grannèg yo. L'ap gen menm pouwva ak gwo chèf yo. Paske se limenm menm ki te bay tèt li pou l' mouri konsa. Li te kite yo mete l' ansanm ak krimenèl yo. Li pran plas anpil moun ki t'ap fè sa ki mal. Li mande padon pou moun ki te fè mal yo.
For this cause he will have a heritage with the great, and he will have a part in the goods of war with the strong, because he gave up his life, and was numbered with the evil-doers; taking on himself the sins of the people, and making prayer for the wrongdoers.
διὰ τοῦτο αὐτὸς κληρονομήσει πολλοὺς καὶ τῶν ἰσχυρῶν μεριεῖ σκῦλα ἀνθ' ὧν παρεδόθη εἰς θάνατον ἢ ψυχῇ αὐτοῦ καὶ ἐν τοῖς ἀνόμοις ἐλογίσθη καὶ αὐτὸς ἀμαρτίας πολλῶν ἀνήνεγκεν καὶ διὰ τὰς ἀμαρτίας αὐτῶν παρεδόθη

- 1 ¶ Jerizalèm, ou menm ki pa t' kapab fè pitit, rele, fè fèt! Ou menm ki pa t' janm konnen doulè tranche, chante, danse, fè kè ou kontan! Paske fanm gason pa t' okipe a ap gen plis pitit pase fanm mari l' pa t' janm kite l' la. Se Seyè a menm ki di sa.
Let your voice be loud in song, O woman without children; make melody and sounds of joy, you who did not give birth: for the children of her who had no husband are more than those of the married wife, says the Lord.
 εὐφράνθητι στεῖρα ἢ οὐ τίκτουσα ῥῆξον καὶ βόησον ἢ οὐκ ὠδίνουσα ὅτι πολλὰ τὰ τέκνα τῆς ἐρήμου μᾶλλον ἢ τῆς ἐχούσης τὸν ἄνδρα εἶπεν γὰρ κύριος
- 2 Laji kote w'ap moute tant ou pou ou viv la! Louvri twal tant ou yo. Ou pa bezwen jennen. Lonje kòd ou yo, ranfòse pikèt ou yo!
Make wide the place of your tent, and let the curtains of your house be stretched out without limit: make your cords long, and your tent-pins strong.
 πλάτυνον τὸν τόπον τῆς σκηνῆς σου καὶ τῶν αὐλαίων σου πῆξον μὴ φείσῃ μακρύνον τὰ σχοινίσματά σου καὶ τοὺς πασσάλους σου κατίσχυσον
- 3 Ou pral louvri lakou ou sou bò dwat ak sou bò gòch pou fè plas. Moun ou yo pral tounen nan peyi moun lòt nasyon yo te pran nan men yo. Yo pral plen tout lavil ki te rete san moun yo.
For I will make wide your limits on the right hand and on the left; and your seed will take the nations for a heritage, and make the waste towns full of people.
 ἔτι εἰς τὰ δεξιὰ καὶ εἰς τὰ ἀριστερὰ ἐκπέτασον καὶ τὸ σπέρμα σου ἔθνη κληρονομήσει καὶ πόλεις ἠρημωμένας κατοικιεῖς
- 4 Ou pa bezwen pè! Yo p'ap derespekte ou ankò! Ou pa bezwen bese tèt ou, yo p'ap fè ou wont ankò! Ou pral bliye bagay lèd ou te fè lè ou te jenn marye a. Ou p'ap chonje lè ou te rete pou kont ou tankou yon fanm ki pèdi mari l'.
Have no fear; for you will not be shamed or without hope: you will not be put to shame, for the shame of your earlier days will go out of your memory, and you will no longer keep in mind the sorrows of your widowed years.
 μὴ φοβοῦ ὅτι κατησχύνθης μηδὲ ἐντραπής ὅτι ὠνειδίσθης ὅτι αἰσχύνῃ αἰώνιον ἐπιλήσῃ καὶ ὄνειδος τῆς χηρείας σου οὐ μὴ μνησθήσῃ
- 5 Bondye ki te kreye ou la pral tankou yon mari pou ou. Seyè ki gen tout pouvwa a, se konsa yo rele l'. Se Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki apa a, ki pral delivre ou. Se Bondye tout latè a yo rele l'.
For your Maker is your husband; the Lord of armies is his name: and the Holy One of Israel is he who takes up your cause; he will be named the God of all the earth.
 ὅτι κύριος ὁ ποιῶν σε κύριος σαβαωθ ὄνομα αὐτῷ καὶ ὁ ῥυσάμενός σε αὐτὸς θεὸς ἰσραὴλ πάση τῇ γῆ κληθήσεται
- 6 ¶ Ou tankou yon madanm mari l' kite l', epi ki nan gwo lapenn. Ou tankou yon madanm mari l' te renmen depi lè l' te jenn gason, men li vire do kite l'. Seyè a rele ou tounen vin jwenn li.
For the Lord has made you come back to him, like a wife who has been sent away in grief of spirit; for one may not give up the wife of one's early days.
 οὐχ ὡς γυναῖκα καταλειμμένην καὶ ὀλιγόψυχον κέκληκέν σε κύριος οὐδ' ὡς γυναῖκα ἐκ νεότητος μεμισμημένην εἶπεν ὁ θεός σου
- 7 Men sa Bondye ou la di ou: -Mwen te kite ou pou yon ti tan. Men, m'ap tounen avè ou ankò paske mwen renmen ou anpil.
For a short time I gave you up; but with great mercies I will take you back again.
 χρόνον μικρὸν κατέλιπόν σε καὶ μετὰ ἐλέους μεγάλου ἐλεήσω σε
- 8 Kòlè te fè m' pèdi tèt mwen. Mwen te vire do ba ou. Men, kè m' fè m' mal pou ou. M'ap moutre ou jan m' toujou renmen ou. Se Seyè k'ap delivre ou la ki di ou sa.
In overflowing wrath my face was veiled from you for a minute, but I will have pity on you for ever, says the Lord who takes up your cause.
 ἐν θυμῷ μικρῷ ἀπέστρεψα τὸ πρόσωπόν μου ἀπὸ σοῦ καὶ ἐν ἐλέει αἰωνίῳ ἐλεήσω σε εἶπεν ὁ ῥυσάμενός σε κύριος
- 9 Menm jan nan tan Noe, mwen te pwomèt mwen p'ap janm kite gwo inondasyon rive ankò sou latè. Konsa tou, mwen pwomèt koulye a m' p'ap janm fache sou nou ankò. Mwen p'ap rele dèyè nou, mwen p'ap pini nou ankò.
For this is like the days of Noah to me: for as I took an oath that the waters of Noah would never again go over the earth, so have I taken an oath that I will not again be angry with you, or say bitter words to you.
 ἀπὸ τοῦ ὕδατος τοῦ ἐπὶ νῶε τοῦτό μοι ἔστιν καθότι ὤμοσα αὐτῷ ἐν τῷ χρόνῳ ἐκεῖνῳ τῇ γῆ μὴ θυμωθήσεσθαι ἐπὶ σοὶ ἔτι μηδὲ ἐν ἀπειλῇ σου
- 10 Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa.
For the mountains may be taken away, and the hills be moved out of their places, but my love will not be taken from you, or my agreement of peace broken, says the Lord, who has had mercy on you.
 τὰ ὄρη μεταστήσεσθαι οὐδὲ οἱ βουνοὶ σου μετακινήσονται οὕτως οὐδὲ τὸ παρ' ἐμοῦ σοὶ ἔλεος ἐκλείψει οὐδὲ ἡ διαθήκη τῆς εἰρήνης σου οὐ μὴ μεταστή εἶπεν γὰρ κύριος Ἰεεὺς σου
- 11 ¶ Seyè a di ankò: -Ou menm lavil Jerizalèm ki nan gwo lapenn, ki san sekou, ki san pesonn pou konsòle ou, mwen pral poze bèl wòch pyè ak yon mòtye koule pou fondasyon ou. Mwen pral rebati ou sou pyè safi.
O troubled one, storm-crushed, uncomforted! see, your stones will be framed in fair colours, and your bases will be sapphires.
 ταπεινὴ καὶ ἀκατάστατος οὐ παρεκλήθης ἰδοὺ ἐγὼ ἐτοιμάζω σοὶ ἄνθρακα τὸν λίθον σου καὶ τὰ θεμέλιά σου σάπφειρον
- 12 M'ap bati fò ou yo ak pyè ribi, pòtay ou yo ak pyè malachi, miray ranpa ou yo ak bèl wòch pyè ki koute chè.
I will make your towers of rubies, and your doors of carbuncles, and the wall round you will be of all sorts of beautiful stones.
 καὶ θήσω τὰς ἐπάλξεις σου ἴασπιν καὶ τὰς πόλεις σου λίθους κρυστάλλου καὶ τὸν περιβολὸν σου λίθους ἐκλεκτοῦς

- 13 Se Seyè a menm ki pral moutre pitit ou yo tout bagay. Yo pral viv alèz ak kè poze.
And all your builders will be made wise by the Lord; and great will be the peace of your children.
καὶ πάντας τοὺς υἱοὺς σου διδακτοὺς θεοῦ καὶ ἐν πολλῇ εἰρήνῃ τὰ τέκνα σου
- 14 Ou pral kanpe fèm paske tout moun ap mache dwat lakay ou. Pa fè mechanste. Ou pa bezwen pè pesonn. Ou pa bezwen gen kè sote. Anyen p'ap rive ou.
All your rights will be made certain to you: have no fear of evil, and destruction will not come near you.
καὶ ἐν δικαιοσύνῃ οικοδομηθήσῃ ἀπέχου ἀπὸ ἀδίκου καὶ οὐ φοβηθήσῃ καὶ τρόμος οὐκ ἐγγιεῖ σοι
- 15 Si yo atake ou, sa p'ap soti nan mwen. Nenpòt moun ki va fè ou lagè pral tonbe devan ou.
See, they may be moved to war, but not by my authority: all those who come together to make an attack on you, will be broken against you.
ἰδοὺ προσήλυτοι προσελεύσονται σοι δι' ἐμοῦ καὶ ἐπὶ σὲ καταφεύξονται
- 16 Se mwen menm ki kreye bòs fòjon k'ap chofe dife chabon pou fè tout kalite zam. Se mwen menm tou ki fè lwijanboje yo pou kraze brize.
See, I have made the iron-worker, blowing on the burning coals, and making the instrument of war by his work; and I have made the waster for destruction.
ἰδοὺ ἐγὼ κτίζω σε οὐχ ὡς χαλκεὺς φουσῶν ἀνθρακας καὶ ἐκφέρων σκευὸς εἰς ἔργον ἐγὼ δὲ ἔκτισά σε οὐκ εἰς ἀπώλειαν φθεῖραι
- 17 Men, tout zam y'a fè pou sèvi kont ou yo p'ap fè ou anyen. W'a gen repons nan bouch ou pou tout moun ki va akize ou nan tribinal. Se sa m'ap fè pou tout sèvitè m' yo. Se mwen k'ap defann kòz yo.
Se Seyè a menm ki di sa!
No instrument of war which is formed against you will be of any use; and every tongue which says evil against you will be judged false. This is the heritage of the servants of the Lord, and their righteousness comes from me, says the Lord.
πάν σκευὸς φθαρτὸν ἐπὶ σὲ οὐκ εὐδοῶσω καὶ πᾶσα φωνὴ ἀναστήσεται ἐπὶ σὲ εἰς κρίσιν πάντας αὐτοὺς ἠττήσεις οἱ δὲ ἔνοχοί σου ἔσονται ἐν αὐτῇ ἔστιν κληρονομία τοῖς θεραπεύουσιν κύριον καὶ ὑμεῖς ἔσεσθέ μοι δίκαιοι λέγει κύριος
- 1 ¶ Vini non, nou tout ki swaf dlo. Men dlo! Vini non, nou tout ki pa gen lajan, nou mèt vini. Achte manje pou nou manje. Nou pa bezwen lajan! Achte diven ak lèt pou nou bwè. Nou pa bezwen peye!
Ho! everyone in need, come to the waters, and he who has no strength, let him get food: come, get bread without money; wine and milk without price.
οἱ διψῶντες πορεύεσθε ἐφ' ὕδωρ καὶ ὅσοι μὴ ἔχετε ἀργύριον βαδίσαντες ἀγοράσατε καὶ πίετε ἄνευ ἀργυρίου καὶ τιμῆς οἴνου καὶ στέαρ
- 2 Poukisa n'ap depanse lajan achte manje ki pa ka fè anyen pou nou? Poukisa n'ap depanse lajan travay nou pou bagay ki pa ka plen vant nou? Si nou koute byen sa m'ap di nou la a, n'a manje sa ki bon. N'a pran plezi nou nan manje bon kalite manje.
Why do you give your money for what is not bread, and the fruit of your work for what will not give you pleasure? Give ear to me, so that your food may be good, and you may have the best in full measure.
ἴνα τί τιμᾶσθε ἀργυρίου καὶ τὸν μόχθον ὑμῶν οὐκ εἰς πλημονὴν ἀκούσατέ μου καὶ φάγεσθε ἀγαθὰ καὶ ἐντροφήσει ἐν ἀγαθοῖς ἡ ψυχὴ ὑμῶν
- 3 Louvri zòrèy nou. Vin jwenn mwen. Koute byen sa m'ap di nou, n'a jwenn lavi. M'ap siyen yon kontra ak nou pou tout tan. M'a ban nou benediksyon mwen te pwomèt David yo.
Give ear, and come to me, take note with care, so that your souls may have life: and I will make an eternal agreement with you, even the certain mercies of David.
προσέχετε τοῖς ὁτίοις ὑμῶν καὶ ἐπακολουθήσατε ταῖς ὁδοῖς μου ἐπακούσατέ μου καὶ ζήσεται ἐν ἀγαθοῖς ἡ ψυχὴ ὑμῶν καὶ διαθήσομαι ὑμῖν διαθήκην αἰώνιον τὰ ὅσια δαυὶδ τὰ πιστά
- 4 Gade. Mwen te fè l' chèf pou l' te kòmande nasyon yo. Mwen te fè l' sèvi m' temwen nan mitan yo.
See, I have given him as a witness to the peoples, a ruler and a guide to the nations.
ἰδοὺ μαρτύριον ἐν ἔθνεσιν δέδωκα αὐτόν ἄρχοντα καὶ προστάσσοντα ἔθνεσιν
- 5 Gade, ou pral rele nasyon ou pa t' konnen. Nasyon ki pa t' konnen ou pral kouri vin jwenn ou. Se mwen menm, Seyè a, Bondye ou la, Bondye apa pèp Izrayèl la, k'ap fè sa rive konsa, paske m'ap leve ou anlè.
See, you will send for a nation of which you had no knowledge, and those who had no knowledge of you will come running to you, because of the Lord your God, and because of the Holy One of Israel, for he has given you glory.
ἔθνη ἃ οὐκ ᾔδεισάν σε ἐπικαλέσονται σε καὶ λαοὶ οἱ οὐκ ἐπίστανταί σε ἐπὶ σὲ καταφεύξονται ἕνεκεν τοῦ θεοῦ σου τοῦ ἁγίου ἰσραὴλ ὅτι ἐδόξασέν σε
- 6 ¶ Tounen vin jwenn Seyè a, pandan nou ka jwenn li an. Lapriye nan pye l' pandan li toupre nou an.
Make search for the Lord while he is there, make prayer to him while he is near:
ζητήσατε τὸν θεὸν καὶ ἐν τῷ εὐρίσκειν αὐτὸν ἐπικαλέσασθε ἡνῖκα δ' ἂν ἐγγίξῃ ὑμῖν
- 7 Se pou mechan yo kite move chemen y'ap swiv la. Se pou malveyan yo wete move lide k'ap travay nan tèt yo. Se pou yo tounen vin jwenn Seyè a ki va gen pitye pou yo. Se pou yo tounen vin jwenn Bondye nou an, paske l'ap padonnen tou sa yo fè.
Let the sinner give up his way, and the evil-doer his purpose: and let him come back to the Lord, and he will have mercy on him; and to our God, for there is full forgiveness with him.
ἀπολιπέτω ὁ ἀσεβὴς τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ καὶ ἀνὴρ ἄνομος τὰς βουλὰς αὐτοῦ καὶ ἐπιστραφήτω ἐπὶ κύριον καὶ ἐλεηθήσεται ὅτι ἐπὶ πολὺ ἀφήσει τὰς ἁμαρτίας ὑμῶν

- 8 Lide pa m' pa menm ak lide pa nou. Chemen pa nou pa menm ak chemen pa m'. Se Seyè a menm ki di sa.
For my thoughts are not your thoughts, or your ways my ways, says the Lord.
 οὐ γάρ εἰσιν αἱ βουλαί μου ὡσπερ αἱ βουλαὶ ὑμῶν οὐδὲ ὡσπερ αἱ ὁδοὶ ὑμῶν αἱ ὁδοὶ μου λέγει κύριος
- 9 Menm jan syèl la byen lwen anwo latè, se konsa lide pa m' byen lwen anwo lide pa nou, chemen pa m' byen lwen chemen pa nou.
For as the heavens are higher than the earth, so are my ways higher than your ways, and my thoughts than your thoughts.
 ἀλλ' ὡς ἀπέχει ὁ οὐρανὸς ἀπὸ τῆς γῆς οὕτως ἀπέχει ἡ ὁδός μου ἀπὸ τῶν ὁδῶν ὑμῶν καὶ τὰ διανοήματα ὑμῶν ἀπὸ τῆς διανοίας μου
- 10 Gade! Lapli ak lawouze soti nan syèl la, yo pa tounen kote yo soti a san yo pa wouze latè, san yo pa fè l' donner, san yo pa fè plant yo pouse pou bay kiltivatè yo grenn pou yo simen ak manje pou yo manje.
For as the rain comes down, and the snow from heaven, and does not go back again, but gives water to the earth, and makes it fertile, giving seed to the planter, and bread for food;
 ὡς γὰρ ἔαν καταβῆ ὑετὸς ἢ χιών ἐκ τοῦ οὐρανοῦ καὶ οὐ μὴ ἀποστραφῆ ἕως ἂν μεθύσῃ τὴν γῆν καὶ ἐκτέκῃ καὶ ἐκβλαστήσῃ καὶ δῶ σπέρμα τῷ σπειροντῇ καὶ ἄρτον εἰς βρώσιν
- 11 Konsa tou pou pawòl ki soti nan bouch mwen: li p'ap tounen vin jwenn mwen san li pa fè sa m' te vle l' fè a, san li pa fè tou sa mwen te voye l' fè a.
So will my word be which goes out of my mouth: it will not come back to me with nothing done, but it will give effect to my purpose, and do that for which I have sent it.
 οὕτως ἔσται τὸ ῥῆμά μου ὃ ἔαν ἐξέλθῃ ἐκ τοῦ στόματός μου οὐ μὴ ἀποστραφῆ ἕως ἂν συντελεσθῇ ὅσα ἠθέλησα καὶ εὐδοῶσω τὰς ὁδοὺς σου καὶ τὰ ἐντάλματά μου
- 12 N'a kite lavil Babilòn ak kè kontan. Y'a mennen nou tounen lakay nou ak kè poze. Gwo mòn yo ak ti mòn yo va pran chante pou nou sitèlman y'a kontan. Tout pyebwa nan plenn yo va bat bravo pou nou!
For you will go out with joy, and be guided in peace: the mountains and the hills will make melody before you, and all the trees of the fields will make sounds of joy.
 ἐν γὰρ εὐφροσύνῃ ἐξελεύσεσθε καὶ ἐν χαρᾷ διασχθήσεσθε τὰ γὰρ ὄρη καὶ οἱ βουνοὶ ἐξαοῦνται προσδεχόμενοι ὑμᾶς ἐν χαρᾷ καὶ πάντα τὰ ξύλα τοῦ ἀγροῦ ἐπικροτήσῃ τοῖς κλάδοις
- 13 Pye pichpen va pouse kote ki te plen pikan. Pye ilan-ilan va pouse kote ki te plen chadwon. Sa va sèvi yon lwanj pou Seyè a, yon remak k'ap la pou tout tan, yon siy pesonn p'ap ka detwi.
In place of the thorn will come up the fir-tree, and in place of the blackberry the myrtle: and it will be to the Lord for a name, for an eternal sign which will not be cut off.
 καὶ ἀντὶ τῆς στοιβῆς ἀναβήσεται κυπάρισσος ἀντὶ δὲ τῆς κονύζης ἀναβήσεται μυρσίνη καὶ ἔσται κύριος εἰς ὄνομα καὶ εἰς σημεῖον αἰώνιον καὶ οὐκ ἐκλείψει
- 1 ¶ Men sa Seyè a di pèp li a: -Se pou nou fè sa ki dwat. Pa fè lenjistis. Paske mwen pa lwen vin delivre nou, mwen pa lwen fè nou konnen jan m'ap pran defans nou.
The Lord says, Let your way of life be upright, and let your behaviour be rightly ordered: for my salvation is near, and my righteousness will quickly be seen.
 τάδε λέγει κύριος φυλάσσεσθε κρίσιν ποιήσατε δικαιοσύνην ἤγγισεν γὰρ τὸ σωτήριόν μου παραγίνεσθαι καὶ τὸ ἔλεός μου ἀποκαλυφθῆναι
- 2 benediksyon pou moun ki fè sa m' di yo fè a epi ki toujou kenbe pawòl mwen yo fèm. benediksyon pou moun ki respekte jou repo a, pou moun ki pa mete men l' nan ankenn movezak.
Happy is the man who does this, and the son of man whose behaviour is so ordered; who keeps the Sabbath holy, and his hand from doing any evil.
 μακάριος ἀνὴρ ὁ ποιῶν ταῦτα καὶ ἄνθρωπος ὁ ἀντεχόμενος αὐτῶν καὶ φυλάσσων τὰ σάββατα μὴ βεβηλοῦν καὶ διατηρῶν τὰς χεῖρας αὐτοῦ μὴ ποιεῖν ἀδίκημα
- 3 ¶ Yon moun lòt nasyon ki va kole kò l' ak pèp Seyè a pa fèt pou di: Seyè a p'ap kite m' fè sèvis pou li ansanm ak pèp li a. Yon moun ki chatre pa dwe janm di: Se yon vye pyebwa chèch mwen ye, mwen pa ka fè pati pèp Bondye a.
And let not the man from a strange country, who has been joined to the Lord, say, The Lord will certainly put a division between me and his people: and let not the unsexed man say, See, I am a dry tree.
 μὴ λεγέτω ὁ ἀλλογενὴς ὁ προσκειμένος πρὸς κύριον ἀφοριεῖ με ἄρα κύριος ἀπὸ τοῦ λαοῦ αὐτοῦ καὶ μὴ λεγέτω ὁ εὐνοῦχος ὅτι ἐγὼ εἰμι ξύλον ξηρόν
- 4 Men sa Seyè a di: Lè yon moun ki chatre mete jou repo a apa pou mwen, lè li chwazi pou l' fè volonte mwen, lè li kenbe kontra mwen an fèm,
For the Lord says, As for the unsexed who keep my Sabbaths, and give their hearts to pleasing me, and keep their agreement with me:
 τάδε λέγει κύριος τοῖς εὐνοῦχοις ὅσοι ἂν φυλάζωνται τὰ σάββατά μου καὶ ἐκλέξωνται ἃ ἐγὼ θέλω καὶ ἀντέχωνται τῆς διαθήκης μου
- 5 m'ap fè yo chonje l' nan tanp mwen an ak nan mitan pèp mwen an pi lontan pase si li te gen pitit gason ak pitit fi. M'ap fè yo pa janm bliye l'.
I will give to them in my house, and inside my walls, a place and a name better than that of sons and daughters; I will give them an eternal name which will not be cut off.
 δώσω αὐτοῖς ἐν τῷ οἴκῳ μου καὶ ἐν τῷ τείχει μου τόπον ὀνομαστῶν κρείττω υἱῶν καὶ θυγατέρων ὄνομα αἰώνιον δώσω αὐτοῖς καὶ οὐκ ἐκλείψει
- 6 Tout moun lòt nasyon ki va vin kole kò yo ansanm ak pèp Seyè a pou yo sèvi l', pou yo renmen l' tankou yon sèvitè, tout moun ki mete jou repo a apa san yo pa derespekte l' epi ki kenbe kontra m' lan fèm,
And as for those from a strange country, who are joined to the Lord, to give worship to him and honour to his name, to be his servants, even everyone who keeps the Sabbath holy, and keeps his agreement with me:
 καὶ τοῖς ἀλλογενέσι τοῖς προσκειμένοις κυρίῳ δουλεύειν αὐτῷ καὶ ἀγαπᾶν τὸ ὄνομα κυρίου τοῦ εἶναι αὐτῷ εἰς δούλους καὶ δούλας καὶ πάντας τοὺς φυλασσομένους τὰ σάββατά μου μὴ βεβηλοῦν καὶ ἀντεχομένους τῆς διαθήκης μου

- 7 m'ap mennen yo sou mòn ki apa pou mwen an, m'a ba yo kè kontan nan kay kote yo fè lapriyè pou mwen an. M'a asepte tout bèt y'a ofri pou boule sou lotèl mwen ak tout lòt ofrann y'a fè pou mwen. Y'a rele kay mwen an kay kote tout pèp va vin fè lapriyè nan pye m'.
I will make them come to my holy mountain, and will give them joy in my house of prayer; I will take pleasure in the burned offerings which they make on my altar: for my house will be named a house of prayer for all peoples.
εισάξω αὐτοὺς εἰς τὸ ὄρος τὸ ἅγιόν μου καὶ εὐφρανῶ αὐτοὺς ἐν τῷ οἴκῳ τῆς προσευχῆς μου τὰ ὀλοκαυτώματα αὐτῶν καὶ αἱ θυσίαι αὐτῶν ἔσονται δεκταὶ ἐπὶ τοῦ θυσιαστηρίου μου ὃ γὰρ οἶκός μου οἷ κοσ προσευχῆς κληθήσεται πᾶσιν τοῖς ἔθνεσιν
- 8 Men sa Seyè a, Bondye a, di, li menm ki te fè moun pèp Izrayèl yo te depòte yo sanble nan peyi yo a ankò: Anplis moun pèp mwen an, mwen va sanble yon bann lòt moun ankò ansanm ak yo.
The Lord God, who gets together the wandering ones of Israel, says, I will get together others in addition to those of Israel who have come back.
εἶπεν κύριος ὁ συνάγων τοὺς διεσπαρμένους ἰσραηλ ὅτι συνάξω ἐπ' αὐτὸν συναγωγὴν
- 9 ¶ Seyè a rele moun lòt nasyon yo pou yo vin devore, pou yo vin manje tankou bèt mawon ki nan savann ak bèt ki nan rakbwa.
All you beasts of the field, come together for your meat, even all you beasts of the wood.
πάντα τὰ θηρία τὰ ἄγρια δεῦτε φάγετε πάντα τὰ θηρία τοῦ δρυμοῦ
- 10 Li di: -Tout chèf ki la pou avèti pèp mwen an, je yo pete. Yo pa konprann anyen. Yo tankou chen ki pa janm jape. Lespri yo byen lwen. Yo kouche tout lajounen, y'ap kabicha.
His watchmen are blind, they are all without knowledge; they are all dogs without tongues, unable to make a sound; stretched out dreaming, loving sleep.
ἴδετε ὅτι πάντες ἐκτετύφλωνται οὐκ ἔγνωσαν φρονῆσαι πάντες κύνες ἔνεοί οὐ δυνήσονται ὑλακτεῖν ἐνυπνιαζόμενοι κοίτην φιλοῦντες νυστάζαι
- 11 Yo tankou chen aloufa, anyen pa janm kont yo. Se yon bann chèf san konprann. Yo tout fè sa yo pito. Se avantaj yo ase y'ap defann.
Yes, the dogs are for ever looking for food; while these, the keepers of the sheep, are without wisdom: they have all gone after their pleasure, every one looking for profit; they are all the same.
καὶ οἱ κύνες ἀναιδεῖς τῇ ψυχῇ οὐκ εἰδότες πλησμονήν καὶ εἰσιν πονηροὶ οὐκ εἰδότες σύνεσιν πάντες ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτῶν ἐξηκολούθησαν ἕκαστος κατὰ τὸ ἑαυτοῦ
- 1 ¶ Moun k'ap mache dwat yo ap fin mouri nan peyi a, sa pa fè pesonn anyen. Moun k'ap sèvi Bondye ak tout kè yo ap fin disparèt, pesonn pa wè sa. Mechanste fè moun k'ap mache dwat yo disparèt.
The upright man goes to his death, and no one gives a thought to it; and god-fearing men are taken away, and no one is troubled by it; for the upright man is taken away because of evil-doing, and goes into peace.
ἴδετε ὡς ὁ δίκαιος ἀπόλετο καὶ οὐδεὶς ἐκδέχεται τῇ καρδίᾳ καὶ ἄνδρες δίκαιοι αἴρονται καὶ οὐδεὶς κατανοεῖ ἀπὸ γὰρ προσώπου ἀδικίας ἦρται ὁ δίκαιος
- 2 Moun ki t'ap mache dwat yo ale kote yo jwenn kè poze, yo kouche nan tonm yo.
They are at rest in their last resting-places, every one going straight before him.
ἔσται ἐν εἰρήνῃ ἡ ταφὴ αὐτοῦ ἦρται ἐκ τοῦ μέσου
- 3 ¶ Nou menm ki p'ap fè anyen san konsilte zetwal, pwoche vini! Se yon bann moun ki vire do bay Bondye nou ye. N'ap sèvi zidòl, nou tankou moun k'ap fè adiltè, k'ap viv nan dezòd.
But come near, you sons of her who is wise in secret arts, the seed of her who is false to her husband, and of the loose woman.
ὁμεις δὲ προσάγαγετε ὧδε υἱοὶ ἄνομοι σπέρμα μοιχῶν καὶ πόρνης
- 4 Ki moun n'ap pase nan betiz la a? Ki moun n'ap pale mal konsa? Sou ki moun n'ap fè grimas konsa? Se yon bann moun ki pa janm kenbe pawòl yo, yon bann moun k'ap bay manti nou ye.
Of whom do you make sport? against whom is your mouth open wide and your tongue put out? are you not uncontrolled children, a false seed,
ἐν τίνι ἐνετροφήσατε καὶ ἐπὶ τίνα ἠνοίξατε τὸ στόμα ὑμῶν καὶ ἐπὶ τίνα ἐχαλάσατε τὴν γλῶσσαν ὑμῶν οὐχ ὁμεις ἐστε τέκνα ἀπολείας σπέρμα ἄνομον
- 5 N'ap fè sèvis pou zidòl nan jaden nou. Nou kouche ak fanm anba pye bwadchenn, anba tout raje. Nou bay timoun nou pou yo touye pou zidòl yo nan twou wòch nan bafon yo.
You who are burning with evil desire among the oaks, under every green tree; putting children to death in the valleys, under the cracks of the rocks?
οἱ παρακαλοῦντες ἐπὶ τὰ εἰδωλα ὑπὸ δένδρα δασέα σφάζοντες τὰ τέκνα αὐτῶν ἐν ταῖς φάραγξιν ἀνὰ μέσον τῶν πετρῶν
- 6 Nou pran kèk gwo wòch galèt nan ravin yo sèvi nou Bondye. Se yo ki tout nou. Nou fè ofrann grenn jaden ak ofrann diven pou yo vide sou yo. Nou konprann bagay konsa ka fè m' plezi!
Among the smooth stones of the valley is your heritage; they, even they, are your part: even to them have you made a drink offering and a meal offering. Is it possible for such things to be overlooked by me?
ἐκεῖνη σου ἡ μερίς οὗτός σου ὃ κληρος κάκεινους ἐξέχεας σπονδὰς κάκεινους ἀνήνεγκας θυσίας ἐπὶ τούτοις οὐκ ὀργισθήσομαι
- 7 Nou moute sou yon gwo mòn byen wo pou n' al kouche ak fanm, pou n' al touye bèt nou ofri bay zidòl yo.
You have put your bed on a high mountain: there you went up to make your offering.
ἐπ' ὄρος ὑψηλὸν καὶ μετέωρον ἐκεῖ σου ἡ κοίτη κάκει ἀνεβίβασας θυσίας

- 8 Nou mete wòch zidòl nou yo dèyè pòtay nou, nan papòt lakay nou. Nou vire do ban mwen, nou mete nou toutouni, nou moute sou gwo kabann byen laj nou, nou kouche ak medam, chwal zidòl yo, nou peye pou sa. Nou pran kont plezi nou ak je nou kole sou wòch zidòl yo.
And on the back of the doors and on the pillars you have put your sign: for you have been false to me with another; you have made your bed wide, and made an agreement with them; you had a desire for their bed where you saw it
καὶ ὀπίσω τῶν σταθμῶν τῆς θύρας σου ἔθηκας μνημόσυνά σου ὧς ὅτι ἐὰν ἀπ' ἐμοῦ ἀποστῆς πλεῖόν τι ἔξεις ἡγάπησας τοὺς κοιμωμένους μετὰ σοῦ
- 9 Nou mete odè sou nou, nou pati al fè sèvis pou Molòk. Nou mete tout kalite odè sou nou. Nou voye mesaje byen lwen al chache zidòl pou nou. Nou voye yo jouk nan peyi kote mò yo ye a.
And you went to Melech with oil and much perfume, and you sent your representatives far off, and went as low as the underworld.
καὶ ἐπλήθυνας τὴν πορνείαν σου μετ' αὐτῶν καὶ πολλοὺς ἐποίησας τοὺς μακρὰν ἀπὸ σοῦ καὶ ἀπέστειλας πρέσβεις ὑπὲρ τὰ ὄρια σου καὶ ἀπέστρεψας καὶ ἐταπεινώθης ἕως ᾄδου
- 10 Nou fatigue kò nou ap vwayaje, men nou pa janm kite! Nou mete nan tèt nou zidòl yo ap ban nou fòs pou nou pa janm bouke.
You were tired with your long journeys; but you did not say, There is no hope: you got new strength, and so you were not feeble.
ταῖς πολυοδίαις σου ἐκοπίσασας καὶ οὐκ εἶπας παύσομαι ἐνισχύουσα ὅτι ἔπραξας ταῦτα διὰ τοῦτο οὐ κατεδείθης μου
- 11 Seyè a di: Kilès bondye sa yo ki t'ap ban nou kè sote, ki t'ap fè nou pè konsa, kifè ou bay tout manti sa yo? Kilès sa a ki fè nou bliye m' konsa? Nou pa chonje reve m'. Eske se paske mwen rete mwen pa di anyen kifè nou sispann gen krentif pou mwen?
And of whom were you in fear, so that you were false, and did not keep me in mind, or give thought to it? Have I not been quiet, keeping myself secret, and so you were not in fear of me?
σύ τίνα εὐλαβηθεῖσα ἐφοβήθης καὶ ἐψεύσω με καὶ οὐκ ἐμνήσθης μου οὐδὲ ἔλαβές με εἰς τὴν διάνοιαν οὐδὲ εἰς τὴν καρδίαν σου κἀγὼ σε ἰδὼν παρορῶ καὶ ἐμὲ οὐκ ἐφοβήθης
- 12 M'ap denonse tou sa n'ap plede fè pou sove tèt nou. Nou kwè l'ap bon pou nou, men sa p'ap sèvi nou anyen.
I will make clear what your righteousness is like and your works; you will have no profit in them.
κἀγὼ ἀπαγγελῶ τὴν δικαιοσύνην μου καὶ τὰ κακά σου ἃ οὐκ ὠφελήσουσιν σε
- 13 ¶ Lè n'a rele mande sekou, se pou tout zidòl nou yo vin sove nou si yo kapab! Yon senp ti van ap pote yo ale, yon ti briz van ap pati ak yo. Men, moun ki mete konfyans yo nan mwen va rete nan peyi a, y'a rete sou mòn ki apa pou mwen an.
Your false gods will not keep you safe in answer to your cry; but the wind will take them, they will be gone like a breath: but he who puts his hope in me will take the land, and will have my holy mountain as his heritage.
ὅταν ἀναβοήσης ἐξελεύσθωσάν σε ἐν τῇ θλίψει σου τούτους γὰρ πάντας ἄνεμος λήμψεται καὶ ἀποίσει καταγίς οἱ δὲ ἀντεχόμενοί μου κτήσονται γῆν καὶ κληρονομήσουσιν τὸ ὄρος τὸ ἅγιόν μου
- 14 Lè sa a, Seyè a di: -Pare wout la pou pèp la tounen vin jwenn mwen. Mete ranblè. Wete tout bagay k'ap bare wout la devan pèp mwen an.
And I will say, Make it high, make it high, get ready the way, take the stones out of the way of my people.
καὶ ἐροῦσιν καθαρίσατε ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ ὁδοὺς καὶ ἄρατε σκῶλα ἀπὸ τῆς ὁδοῦ τοῦ λαοῦ μου
- 15 Se mwen menm Bondye ki anwo nèt nan syèl la, Bondye ki la pou tout tan an, Bondye ki apa nèt la. Men sa mwen di: mwen rete yon kote ki anwo nèt, yon kote ki apa pou mwen nèt. Men mwen kanpe la avèk moun ki soumèt yo devan m', avèk moun ki gen lapenn tout bon pou sa yo fè ki mal, pou m' ka remoute kouraj yo, pou m' ba yo konfyans ankò.
For this is the word of him who is high and lifted up, whose resting-place is eternal, whose name is Holy: my resting-place is in the high and holy place, and with him who is crushed and poor in spirit, to give life to the spirit of the poor, and to make strong the heart of the crushed.
τάδε λέγει κύριος ὁ ὕψιστος ὁ ἐν ὑψηλοῖς κατοικῶν τὸν αἰῶνα ἅγιος ἐν ἀγίοις ὄνομα αὐτῷ κύριος ὕψιστος ἐν ἀγίοις ἀναπαύομενος καὶ ὀλιγοψύχοις διδοὺς μακροθυμίαν καὶ διδοὺς ζῶην τοῖς συντετριμμένοις τὴν καρδίαν
- 16 Mwen pa vle nan diskrit tout tan ak yo, mwen pa vle rete ankòlè tout tan pou moun mwen bay lavi yo pa pèdi kouraj.
For I will not give punishment for ever, or be angry without end: for from me breath goes out; and I it was who made the souls.
οὐκ εἰς τὸν αἰῶνα ἐκδικήσω ὑμᾶς οὐδὲ διὰ παντὸς ὀργισθήσομαι ὑμῖν πνεῦμα γὰρ παρ' ἐμοῦ ἐξελεύσεται καὶ πνοὴν πᾶσαν ἐγὼ ἐποίησα
- 17 ¶ Wi, mwen te fache anpil sou yo paske yo te gen move lanvi nan kè yo. Mwen te fè kolè, mwen te pini yo, mwen te lage yo, paske yo t'ap fè tèt di, yo t'ap fè sa yo pi pito.
I was quickly angry with his evil ways, and sent punishment on him, veiling my face in wrath: and he went on, turning his heart from me.
δι' ἁμαρτίαν βραχύ τι ἐλόπησα αὐτὸν καὶ ἐπάταξα αὐτὸν καὶ ἀπέστρεψα τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτοῦ καὶ ἐλυπήθη καὶ ἐπορεύθη στρυγνὸς ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτοῦ
- 18 Mwen te wè tou sa yo t'ap fè, men m'ap geri yo. Mwen pral pran men yo pou m' mennen yo sou bon chemen an. M'a remoute kouraj sa ki nan lapenn yo.
I have seen his ways, and I will make him well: I will give him rest, comforting him and his people who are sad.
τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ ἐώρακα καὶ ἰασάμην αὐτὸν καὶ παρεκάλεσα αὐτὸν καὶ ἔδωκα αὐτῷ παράκλησιν ἀληθινήν
- 19 M'a di yo: Kè poze pou nou tout ki lwen, kè poze pou nou tout ki pre. M'a mete lwanj nan bouch yo, m'ap ba yo tout kè poze, m'ap geri yo.
I will give the fruit of the lips: Peace, peace, to him who is near and to him who is far off, says the Lord; and I will make him well.
εἰρήνην ἐπ' εἰρήνην τοῖς μακρὰν καὶ τοῖς ἐγγύς οὖσιν καὶ εἶπεν κύριος ἰάσομαι αὐτούς

- 20 Men, mechan yo tankou lanmè ki boulvèse. Lanm lanmè yo ap bat san rete, y'ap jete kras ak labou sou rivaj la.
But the evil-doers are like the troubled sea, for which there is no rest, and its waters send up earth and waste.
οἱ δὲ ἄδικοι οὕτως κλυδωνισθήσονται καὶ ἀναπαύσασθαι οὐ δυνήσονται
- 21 Bondye mwen an di: Pa gen kè poze pou mechan yo.
There is no peace, says my God, for the evil-doers.
οὐκ ἔστιν χαίρειν τοῖς ἀσεβέσιν εἶπεν κύριος ὁ θεός
- 1 ¶ Seyè a di m' konsa: -Rele ak tout fòs ou, rele mezi ou kapab! Fè vwa ou sonnen tankou klewon! Fè pèp mwen an konnen tout mechanste li fè yo! Fè moun fanmi Jakòb yo konnen tout peche yo te fè!
Make a loud cry, do not be quiet, let your voice be sounding like a horn, and make clear to my people their evil doings, and to the family of Jacob their sins.
ἀναβόησον ἐν ἰσχύι καὶ μὴ φείσῃ ὡς σάλπιγγα ὑψώσον τὴν φωνὴν σου καὶ ἀνάγγειλον τῷ λαῷ μου τὰ ἁμαρτήματα αὐτῶν καὶ τῷ οἴκῳ ἰακωβ τὰς ἀνομίας αὐτῶν
- 2 Chak jou, y'ap fè sèvis pou mwen. Yo pretann yo konnen chemen m' yo, tankou si se yon nasyon ki fè sa ki dwat devan m', epi ki pa t' janm lage lòd mwen te ba yo. Y'ap mande m' pou m' defann kòz yo. Yo ta vle pou Bondye kanpe la ak yo.
Though they make prayer to me every day, and take pleasure in the knowledge of my ways: like a nation which has done righteousness, and has not given up the rules of their God, they make requests to me for the right orders, it is their delight to come near to God.
ἐμὲ ἡμέραν ἐξ ἡμέρας ζητοῦσιν καὶ γινώσκει μου τὰς ὁδοὺς ἐπιθυμοῦσιν ὡς λαὸς δικαιοσύνης πεποιηκὼς καὶ κρίσιν θεοῦ αὐτοῦ μὴ ἐγκαταλειπὼς αἰτοῦσίν με νῦν κρίσιν δικαίαν καὶ ἐγγίξιν θεῷ ἐπιθυμοῦσιν
- 3 ¶ Pèp la ap di: -Sa nou bezwen fè jèn fè si Bondye p'ap wè sa? Sa nou bezwen pran lapenn pou sa nou fè ki mal si ou p'ap gade sou sa? Seyè a reponn yo: -M'ap di nou laverite. Jou n'ap fè jèn lan, se jou sa a tou n'ap chache fè sa ki nan enterè nou ase. Se lè sa a n'ap plede peze moun k'ap travay pou nou yo.
They say, Why have we kept ourselves from food, and you do not see it? why have we kept ourselves from pleasure, and you take no note of it? If, in the days when you keep from food, you take the chance to do your business, and get in your debts;
λέγοντες τί ὅτι ἐνηστεύσαμεν καὶ οὐκ εἶδες ἐταπεινώσαμεν τὰς ψυχὰς ἡμῶν καὶ οὐκ ἔγνωσ ἐν γὰρ ταῖς ἡμέραις τῶν νηστειῶν ὑμῶν εὐρίσκετε τὰ θελήματα ὑμῶν καὶ πάντας τοὺς ὑποχειρίους ὑμῶν ὑπόσσετε
- 4 Konsa tou, jou n'ap fè jèn lan, se lè sa a tou n'ap joure, n'ap fè kont, n'ap goumen, n'ap bay move kou. Jan mwen wè n'ap fè jèn lan jòdi a se pa konsa pou nou fè l' si nou vle lapriyè nou yo rive nan zòrèy mwen.
If keeping from food makes you quickly angry, ready for fighting and giving blows with evil hands; your holy days are not such as to make your voice come to my ears on high.
εἰ εἰς κρίσεις καὶ μάχης νηστεύετε καὶ τύπτετε πυγμαῖς ταπεινόν ἵνα τί μοι νηστεύετε ὡς σήμερον ἀκουσθῆναι ἐν κραυγῇ τὴν φωνὴν ὑμῶν
- 5 Eske mwen ka pran plezi nan kalite jèn sa a? Se sa nou rele yon jou n'ap pran lapenn pou sa nou fè ki mal? Fè jèn pou nou, se bese tèt nou jouk atè tankou wozo van ap pliye, se kouche plat atè sou sak nan mitan sann dife. Atò se sa nou rele fè jèn? Se sa ki pou fè Bondye plezi a?
Have I given orders for such a day as this? a day for keeping yourselves from pleasure? is it only a question of the bent head, of putting on haircloth, and being seated in the dust? is this what seems to you a holy day, well-pleasing to the Lord?
οὐ ταύτην τὴν νηστείαν ἐξελεξάμην καὶ ἡμέραν ταπεινοῦν ἄνθρωπον τὴν ψυχὴν αὐτοῦ οὐδ' ἂν κάμψης ὡς κρίκον τὸν τράχηλόν σου καὶ σάκκον καὶ σποδὸν ὑποστρώσῃ οὐδ' οὕτως καλέσετε νηστείαν δεκτὴν
- 6 Non! Men kalite jèn ki pou fè kè m' kontan an: Sispann fè mechanste. Sispann fè lenjistis. Bay esklav nou yo libète! Mete chay k'ap foule moun yo atè.
Is not this the holy day for which I have given orders: to let loose those who have wrongly been made prisoners, to undo the bands of the yoke, and to let the crushed go free, and every yoke be broken?
οὐχὶ τοιαύτην νηστείαν ἐγὼ ἐξελεξάμην λέγει κύριος ἀλλὰ λύε πάντα σύνδεσμον ἀδικίας διάλυε στραγγαλιὰς βιαίων συναλλαγμάτων ἀπόστειλε τεθραυσμένους ἐν ἀφέσει καὶ πᾶσαν συγγραφὴν ἄδικον διάσπα
- 7 Separe sa nou genyen ak moun ki grangou. Louvri pòt kay nou pou nou resewva malere ki pa gen kote pou yo dòmi. Si nou wè yon frè nou toutouni, ba li rad pou li mete sou li. Pa refize lonje men bay frè parèy ou.
Is it not to give your bread to those in need, and to let the poor who have no resting-place come into your house? to put a robe on the unclothed one when you see him, and not to keep your eyes shut for fear of seeing his flesh?
διάθροπτε πεινῶντι τὸν ἄρτον σου καὶ πτωχοὺς ἀστέγους εἰσαγε εἰς τὸν οἶκόν σου ἐὰν ἴδῃς γυμνὸν περιβάλε καὶ ἀπὸ τῶν οἰκειῶν τοῦ σπέρματός σου οὐχ ὑπερόψη
- 8 ¶ Lè sa a, tankou solèy k'ap leve, m'ap klere nou, m'a fè nou wè jan mwen renmen nou. Lapoula m'a geri nou, m'a toujou mache ak nou pou m' delivre nou. Pouwa Bondye a va mache dèyè nou pou pwoteje nou.
Then will light be shining on you like the morning, and your wounds will quickly be well: and your righteousness will go before you, and the glory of the Lord will come after you.
τότε ῥαγήσεται πρόμιον τὸ φῶς σου καὶ τὰ ἰάματά σου ταχὺ ἀνατελεῖ καὶ προπορεύσεται ἔμπροσθέν σου ἡ δικαιοσύνη σου καὶ ἡ δόξα τοῦ θεοῦ περιστελεῖ σε

- 9 Lè sa a, si nou lapriyè nan pye m', m'a reponn nou. Si nou rele m', m'a di men mwen! Si nou rache tout mehanste nan kè nou voye jete, si nou sispann kraponnen moun, si nou sispann pale moun mal,
Then at the sound of your voice, the Lord will give an answer; at your cry he will say, Here am I. If you take away from among you the yoke, the putting out of the finger of shame, and the evil word;
τότε βοήση καὶ ὁ θεὸς εἰσακούσεται σου ἔτι λαλοῦντός σου ἐρεῖ ἰδοὺ πάρειμι ἐὰν ἀφέλῃς ἀπὸ σοῦ σύνδεσμον καὶ χειροτονίαν καὶ ῥῆμα γογγυσμοῦ
- 10 si nou manje ak moun ki grangou, si nou plen vant moun ki nan nesosite, limyè va klere pou nou nan mitan fènwa. Lannwit va fè klè pou nou tankou gwo midi.
And if you give your bread to those in need of it, so that the troubled one may have his desire; then you will have light in the dark, and your night will be as the full light of the sun:
καὶ ὄψς πεινῶντι τὸν ἄρτον ἐκ ψυχῆς σου καὶ ψυχὴν τεταπεινωμένην ἐμπλήσῃς τότε ἀνατελεῖ ἐν τῷ σκότει τὸ φῶς σου καὶ τὸ σκότος σου ὡς μεσημβρία
- 11 Se tout tan Seyè a va moutre nou chemen pou nou pran, l'a rafrech nanm nou nan tan chechrès. L'a ban nou fòs ak kouraj. N'a tankou yon jaden ki byen wouze, tankou yon sous dlo ki pa janm chèch.
And the Lord will be your guide at all times; in dry places he will give you water in full measure, and will make strong your bones; and you will be like a watered garden, and like an ever-flowing spring.
καὶ ἔσται ὁ θεὸς σου μετὰ σοῦ διὰ παντός καὶ ἐμπλησθήσῃ καθάπερ ἐπιθυμεῖ ἡ ψυχὴ σου καὶ τὰ ὀστᾶ σου πιανθήσεται καὶ ἔση ὡς κήπος μεθύων καὶ ὡς πηγὴ ἣν μὴ ἐξέλιπεν ὕδωρ καὶ τὰ ὀστᾶ σου ὡς βοτάνη ἀνατελεῖ καὶ πιανθήσεται καὶ κληρονομήσουσι γενεὰς γενεῶν
- 12 N'a rebati vye kay nou yo ki te fin tonbe. N'a moute lòt kay sou ansyen miray fondasyon tan lontan yo. Y'a rele nou moun ki konn repare miray fann yo, moun ki konn balize granchemen yo, moun k'ap refè kay ki kraze yo pou moun ka vin rete nan peyi a ankò.
And your sons will be building again the old waste places: you will make strong the bases of old generations: and you will be named, He who puts up the broken walls, and, He who makes ready the ways for use.
καὶ οἰκοδομηθήσονται σου αἱ ἔρημοι αἰώνιοι καὶ ἔσται σου τὰ θεμέλια αἰώνια γενεῶν γενεαῖς καὶ κληθήσῃ οἰκοδόμος φραγμῶν καὶ τοὺς τρίβους τοὺς ἀνά μέσον παύσεις
- 13 ¶ Si nou veye kò nou pou nou respekte jou repo a, pou nou pa regle pwòp zafè nou jou ki apa pou mwen an, si se yon plezi pou nou lè jou repo a rive, si nou respekte jou ki apa pou mwen menm, Seyè a, pou jou sa a nou pa nan fè sa ki nan lide nou, nou pa nan vwayaje, nou pa nan fè travay, ni nou pa nan pale vye koze,
If you keep the Sabbath with care, not doing your business on my holy day; and if the Sabbath seems to you a delight, and the new moon of the Lord a thing to be honoured; and if you give respect to him by not doing your business, or going after your pleasure, or saying unholy words;
ἐὰν ἀποστρέψῃς τὸν πόδα σου ἀπὸ τῶν σαββάτων τοῦ μὴ ποιεῖν τὰ θελήματά σου ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῇ ἀγίᾳ καὶ καλέσεις τὰ σάββατα τρυφερά ἅγια τῷ θεῷ σου οὐκ ἀρείς τὸν πόδα σου ἐπ' ἔργῳ οὐδὲ λαλήσεις λόγον ἐν ὀργῇ ἐκ τοῦ στόματός σου
- 14 lè sa a, n'a jwenn plezi nou nan fè sèvis pou mwen. M'a fè tout moun sou latè pote nou anlè, n'a jwi lavi nan peyi mwen te bay Jakòb, zansèt nou an. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa!
Then the Lord will be your delight; and I will put you on the high places of the earth; and I will give you the heritage of Jacob your father: for the mouth of the Lord has said it.
καὶ ἔση πεποιθὸς ἐπὶ κύριον καὶ ἀναβιβάσει σε ἐπὶ τὰ ἄγαθὰ τῆς γῆς καὶ ψομεῖ σε τὴν κληρονομίαν ἰακωβ τοῦ πατρός σου τὸ γὰρ στόμα κυρίου ἐλάλησεν ταῦτα
- 1 ¶ Non! Se pa paske Seyè a manke fòs kifè li pa vin delivre nou. Se pa paske li soudè kifè li pa tande lè n'ap lapriyè nan pye l'.
Truly, the Lord's hand has not become short, so that he is unable to give salvation; and his ear is not shut from hearing:
μὴ οὐκ ἰσχύει ἡ χεὶρ κυρίου τοῦ σῶσαι ἢ ἐβάρυνεν τὸ οὖς αὐτοῦ τοῦ μὴ εἰσακοῦσαι
- 2 Men se mehanste nou yo ki mete yon bayè ant nou ak Bondye nou an. Se peche nou yo ki fè l' vire figi l' pou l' pa tande nou.
But your sins have come between you and your God, and by your evil doings his face has been veiled from you, so that he will give you no answer.
ἀλλὰ τὰ ἁμαρτήματα ὑμῶν διωστῶσιν ἀνά μέσον ὑμῶν καὶ τοῦ θεοῦ καὶ διὰ τὰς ἁμαρτίας ὑμῶν ἀπέστρεψεν τὸ πρόσωπον αὐτοῦ ἀφ' ὑμῶν τοῦ μὴ ἐλεῆσαι
- 3 San ap koule sou tout dwèt nou. Nou foute men nou nan tout kalite mehanste. Bonjou nou pa laverite. Depi nou louvri bouch nou se kout lang n'ap bay.
For your hands are unclean with blood, and your fingers with sin; your lips have said false things, and your tongue gives out deceit.
αἱ γὰρ χεῖρες ὑμῶν μεμολυμμέναι αἱματι καὶ οἱ δάκτυλοι ὑμῶν ἐν ἁμαρτίας τὰ δὲ χεῖλη ὑμῶν ἐλάλησεν ἀνομίαν καὶ ἡ γλῶσσα ὑμῶν ἀδικίαν μελετᾷ
- 4 Lè n' al nan tribinal se pou defann move kòz. Lè n'ap plede, nou bay manti. N'ap di yon bann bagay ki pa laverite. Se move lide ase ki nan tèt nou. Se mehanste ase n'ap fè.
No one puts forward an upright cause, or gives a true decision: their hope is in deceit, and their words are false; they are with child with sin, and give birth to evil.
οὐδεὶς λαλεῖ δίκαια οὐδὲ ἔστιν κρίσις ἀληθινὴ πεποιθασιν ἐπὶ ματαιοῖς καὶ λαλοῦσιν κενὰ ὅτι κούουσιν πόνον καὶ τίκτουςιν ἀνομίαν
- 5 Move plan y'ap fè yo tankou pwazon. Si ou pran ladan yo nanpwen rechap. Si ou rive kraze yon move plan y'ap fè, y'ap pare yonn ki pi rèd pou ou.
They give birth to snake's eggs, and make spider's threads: whoever takes their eggs for food comes to his death, and the egg which is crushed becomes a poison-snake.
φᾶ ἀσπίδων ἔρρηξαν καὶ ἰστὸν ἀράχνης ὑφαίνουσιν καὶ ὁ μέλλων τῶν φῶν αὐτῶν φαγεῖν συντρίψας οὖριον εὔρεν καὶ ἐν αὐτῷ βασιλίσκος

- 6 Menm jan ou pa ka fè rad ak fil zariyen, konsa tou sa y'ap fè a p'ap rapòte yo anyen ki bon. Se mechanste ase yo soti pou yo fè. Se nan san ase yo mete men yo.
Their twisted threads will not make clothing, and their works will give them nothing for covering themselves: their works are works of sin, and violent acts are in their hands.
ὁ ἰστός αὐτῶν οὐκ ἔσται εἰς ἱμάτιον οὐδὲ μὴ περιβάλλονται ἀπὸ τῶν ἔργων αὐτῶν τὰ γὰρ ἔργα αὐτῶν ἔργα ἀνομίας
- 7 Y'ap kouri konsa pou fè sa ki mal, yo cho pou yo touye moun inonsan. Lide yo toujou sou sa ki mal, kote yo pase se dega toupatou. Se malè yo kite dèyè yo.
Their feet go quickly to evil, and they take delight in the death of the upright; their thoughts are thoughts of sin; wasting and destruction are in their ways.
οἱ δὲ πόδες αὐτῶν ἐπὶ πονηρίαν τρέχουσιν ταχίνοι ἐκγέαι αἷμα καὶ οἱ διαλογισμοὶ αὐτῶν διαλογισμοὶ ἀφρόνων σύντριμμα καὶ ταλαιπωρία ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτῶν
- 8 Yo pa konn jan pou yo viv byen ak moun. Tout sa y'ap fè kwochi. Tout kò yo se plan. Moun k'ap swiv yo toujou nan tèt chaje.
They have no knowledge of the way of peace, and there is no sense of what is right in their behaviour: they have made for themselves ways which are not straight; whoever goes in them has no knowledge of peace.
καὶ ὁδὸν εἰρήνης οὐκ οἶδασιν καὶ οὐκ ἔστιν κρίσις ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτῶν αἱ γὰρ τρίβοι αὐτῶν διεστραμμένοι ἕς διοδεύουσιν καὶ οὐκ οἶδασιν εἰρήνην
- 9 ¶ Pèp la di: -Koulye a nou konnen poukisa Bondye ki pou ta defann kòz nou an rete lwen nou konsa, poukisa li pa vin delivre nou. Nou t'ap tann limyè pou klere kote n'ap mete pye nou, men kote nou pase se nan fènwa nou ye.
For this cause our right is far from us, and righteousness does not overtake us: we are looking for light, but there is only the dark; for the shining of the sun, but our way is in the night.
διὰ τοῦτο ἀπέστη ἡ κρίσις ἀπ' αὐτῶν καὶ οὐ μὴ καταλάβῃ αὐτοὺς δικαιοσύνη ὑπομεινάντων αὐτῶν φῶς ἐγένετο αὐτοῖς σκότος μείναντες αὐγὴν ἐν ἁωρία περιεπάτησαν
- 10 N'ap tatonnen tankou avèg k'ap chache wout, tankou moun je pete. N'ap bite gwo midi tankou si nou t'ap mache solèy kouche. San nou pa malad, nou tankou moun ki deja nan peyi san chapo.
We go on our way, like blind men feeling for the wall, even like those who have no eyes: we are running against things in daylight as if it was evening; our place is in the dark like dead men.
ψηλαφήσουσιν ὡς τυφλοὶ τοῖχον καὶ ὡς οὐχ ὑπαρχόντων ὀφθαλμῶν ψηλαφήσουσιν καὶ πεσοῦνται ἐν μεσημβρίᾳ ὡς ἐν μεσονυκτίῳ ὡς ἀποθνήσκοντες στενάξουσιν
- 11 N'ap wouke tankou chen, n'ap plenn tankou bourik anba chay. N'ap tann Bondye pou l' pran defans nou. Bichi! N'ap tann li vin delivre nou. Anyen menm!
We make noises of grief, like bears, and sad sounds like doves: we are looking for our right, but it is not there; for salvation, but it is far from us.
ὡς ἄρκος καὶ ὡς περιστέρα ἅμα πορεύσονται ἀνεμεινάμεν κρίσιν καὶ οὐκ ἔστιν σωτηρία μακρὰν ἀφέστηκεν ἀπ' ἡμῶν
- 12 Seyè, se vre wi, nou te fè anpil peche kont ou! Koulye a, se peche nou yo k'ap kale nou. Yo la devan je nou. Nou rekonèt nou te fè yo vre.
For our evil doings are increased before you, and our sins give witness against us: for our evil doings are with us, and we have knowledge of our sins:
πολλὴ γὰρ ἡμῶν ἡ ἀνομία ἐναντίον σου καὶ αἱ ἁμαρτίαι ἡμῶν ἀντέστησαν ἡμῖν αἱ γὰρ ἀνομίαι ἡμῶν ἐν ἡμῖν καὶ τὰ ἀδικήματα ἡμῶν ἔγνωμεν
- 13 Nou te vire do bay Seyè a, nou voye l' jete. Nou derefize koute l'. Nou tòde men frè parèy nou, nou revòlte kont Bondye. Se move lide ase nou te gen nan kè nou. Se manti ase nou t'ap kalkile nan tèt nou.
We have gone against the Lord, and been false to him, turning away from our God, our words have been uncontrolled, and in our hearts are thoughts of deceit.
ἠσεβήσαμεν καὶ ἐψευδάμεθα καὶ ἀπέστημεν ἀπὸ ὀπισθεν τοῦ θεοῦ ἡμῶν ἐλαλήσαμεν ἄδικα καὶ ἠπειθήσαμεν ἐκκόμεν καὶ ἐμελετήσαμεν ἀπὸ καρδίας ἡμῶν λόγους ἀδίκους
- 14 Se poutèt sa, nou pa t' bay chans pou yo defann nou. Pesonn pa ka pwochè vin delivre nou. Nan tout lavil la ou pa konn kote ou gad ak pesonn. Pesonn pa mache dwat.
And the right is turned back, and righteousness is far away: for good faith is not to be seen in the public places, and upright behaviour may not come into the town.
καὶ ἀπεστήσαμεν ὀπίσω τὴν κρίσιν καὶ ἡ δικαιοσύνη μακρὰν ἀφέστηκεν ὅτι καταναλώθη ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτῶν ἡ ἀλήθεια καὶ δι' εὐθείας οὐκ ἠδύναντο διελθεῖν
- 15 Pa gen moun serye ankò! Si ou pa fè tankou tout moun, se ou k'ap anba. Seyè a wè sa. Sa te fè l' mal paske pa t' gen jistis nan peyi a.
Yes, faith is gone; and he whose heart is turned from evil comes into the power of the cruel: and the Lord saw it, and he was angry that there was no one to take up their cause.
καὶ ἡ ἀλήθεια ἤρται καὶ μετέστησαν τὴν διάνοιαν τοῦ συνιέναι καὶ εἶδεν κύριος καὶ οὐκ ἤρεσεν αὐτῷ ὅτι οὐκ ἦν κρίσις
- 16 ¶ Li sezi wè pesonn pa leve kanpe pou defann inonsan yo. Se konsa, li vin delivre pèp la ak pwòp fòs kouraj li. Li ba l' men, li pran defans li.
And he saw that there was no man, and was surprised that there was no one to take up their cause: so his arm gave salvation, and he made righteousness his support.
καὶ εἶδεν καὶ οὐκ ἦν ἀνὴρ καὶ κατενόησεν καὶ οὐκ ἦν ὁ ἀντιληψόμενος καὶ ἡμίνατο αὐτοὺς τῷ βραχίονι αὐτοῦ καὶ τῇ ἐλεημοσύνῃ ἐστηρίσατο
- 17 Li mete jistis anwo li tankou yon plak pwotèj pou lestonmak li. Li mete pouwva pou sove a tankou yon kas nan tèt li. Li mete pouwva revanj li sou li tankou yon palto, li vlope kò l' ak fòs pou l' pran defans moun li renmen yo.
Yes, he put on righteousness as a breastplate, and salvation as a head-dress; and he put on punishment as clothing, and wrath as a robe.
καὶ ἐνεδύσατο δικαιοσύνην ὡς θώρακα καὶ περιέθετο περικεφαλαίαν σωτηρίου ἐπὶ τῆς κεφαλῆς καὶ περιεβάλετο ἱμάτιον ἐκδικήσεως καὶ τὸ περιβόλαιον
- 18 L'ap pini chak moun dapre sa yo fè: li pral move sou moun ki pa vle wè l' yo, li pral tire revanj sou lènmi l' yo, menm sou moun ki rete nan zile byen lwen yo.
He will give them the right reward of their doings, wrath to his attackers, punishment to his haters, and even on the sea-lands he will send punishment.
ὡς ἀνταποδώσων ἀνταπόδοσιν ὄνειδος τοῖς ὑπεναντίοις

- 19 Depi kote solèy la leve a jouk kote solèy la kouche a, tout moun va pè Seyè a, y'a respekte pouwva li. L'ap vin tankou lavalas k'ap desann nan fon ravin, tankou gwo van tanpèt.
So they will see the name of the Lord from the west, and his glory from the east: for he will come like a rushing stream, forced on by a wind of the Lord.
καὶ φοβηθήσονται οἱ ἀπὸ δυσμῶν τὸ ὄνομα κυρίου καὶ οἱ ἀπ' ἀνατολῶν ἡλίου τὸ ὄνομα τὸ ἔνδοξον ἦξει γὰρ ὡς ποταμὸς βίαιος ἢ ὄργῃ παρὰ κυρίου ἦξει μετὰ θυμοῦ
- 20 M'ap vin sou mòn Siyon an pou m' delivre tout moun fanmi Jakòb yo ki va vire do bay peche yo. Se Seyè a menm ki di sa.
And as a saviour he will come to Zion, turning away sin from Jacob, says the Lord.
καὶ ἦξει ἔνεκεν σιων ὁ ρυόμενος καὶ ἀποστρέψει ἀσεβείας ἀπὸ ἰακωβ
- 21 Seyè a di ankò: Men kontra mwen pral pase ak yo a: M'ap mete lespri m' sou yo. M'ap ba yo lòd mwen yo pou lòd mwen yo ka nan bouch yo, nan bouch pitit yo ak nan bouch pitit pitit yo, pou tout tan tout tan. Se mwen menm Seyè a ki di sa.
And as for me, this is my agreement with them, says the Lord: my spirit which is on you, and my words which I have put in your mouth, will not go away from your mouth, or from the mouth of your seed, or from the mouth of your seed's seed, says the Lord, from now and for ever.
καὶ αὕτη αὐτοῖς ἢ παρ' ἐμοῦ διαθήκη εἶπεν κύριος τὸ πνεῦμα τὸ ἐμὸν ὃ ἐστὶν ἐπὶ σοὶ καὶ τὰ ῥήματα ἃ ἔδωκα εἰς τὸ στόμα σου οὐ μὴ ἐκλίπῃ ἐκ τοῦ στόματός σου καὶ ἐκ τοῦ στόματος τοῦ σπέρματός σου εἶπεν γὰρ κύριος ἀπὸ τοῦ νῦν καὶ εἰς τὸν αἰῶνα
- 1 ¶ Leve kanpe! Ou pral klere tankou solèy. Pouwva Seyè a pral klere sou ou.
Up! let your face be bright, for your light has come, and the glory of the Lord is shining on you.
φωτίζου φωτίζου ἱερουσαλημ ἦκει γάρ σου τὸ φῶς καὶ ἡ δόξα κυρίου ἐπὶ σὲ ἀνατέταλκεν
- 2 Lèt nasyon yo nan fènwa, yon nwaj kouvri lòt pèp yo. Men limyè Seyè a pral leve sou nou! Pouwva li pral parèt sou nou!
For truly, the earth will be dark, and the peoples veiled in blackest night; but the Lord will be shining on you, and his glory will be seen among you.
ἰδοὺ σκότος καὶ γνόφος καλύψει γῆν ἐπ' ἔθνη ἐπὶ δὲ σὲ φανήσεται κύριος καὶ ἡ δόξα αὐτοῦ ἐπὶ σὲ ὀφθήσεται
- 3 Nasyon yo pral kouri vin nan limyè nou an. Tout wa yo pral kouri vin nan klète jou k'ap leve pou nou an.
And nations will come to your light, and kings to your bright dawn.
καὶ πορεύσονται βασιεῖς τῷ φωτί σου καὶ ἔθνη τῇ λαμπρότητί σου
- 4 Voye je nou toupatou bò kote nou, gade sa k'ap rive! Tout moun pa nou yo ap sanble, y'ap tounen lakay yo. Pitit gason nou yo ap soti byen lwen. Moun ap pote pitit fi nou yo tankou timoun chita sou ren yo.
Let your eyes be lifted up, and see: they are all coming together to you: your sons will come from far, and your daughters taken with loving care.
ἄρον κύκλω τοὺς ὀφθαλμούς σου καὶ ἰδὲ συνηγμένα τὰ τέκνα σου ἰδοὺ ἦκασιν πάντες οἱ υἱοὶ σου μακρόθεν καὶ αἱ θυγατέρες σου ἐπ' ὧμων ἀρθήσονται
- 5 Lè n'a wè sa, n'a kontan nèt ale! Kè nou pral bat, nou p'ap konn kote pou n' mete kò nou! Y'ap pote richès nasyon yo ban nou. Y'ap soti lòt bò lanmè, y'ap vin jwenn nou.
Then you will see, and be bright with joy, and your heart will be shaking with increase of delight: for the produce of the sea will be turned to you, the wealth of the nations will come to you.
τότε ὄψη καὶ φοβηθήσῃ καὶ ἐκστήσῃ τῇ καρδίᾳ ὅτι μεταβαλεῖ εἰς σὲ πλοῦτος θαλάσσης καὶ ἔθνων καὶ λαῶν καὶ ἦξουσὶν σοι
- 6 Y'ap ban nou kantite chamo ki soti peyi Madyan ak peyi Efa. Nou p'ap konnen kote pou n' mete yo. Moun ap soti peyi Saba, chaje lò ak lansan. Y'ap pwonmennen fè lwanj Seyè a toupatou.
You will be full of camel-trains, even the young camels of Midian and Ephah; all from Sheba will come, with gold and spices, giving word of the great acts of the Lord.
ἀγέλαι καμήλων καὶ καλύψουσὶν σε κάμηλοι μαδιαμ καὶ γαιφα πάντες ἐκ σαβα ἦξουσιν φέροντες χρυσίον καὶ λίβανον οἴσουσιν καὶ τὸ σωτήριον κυρίου εὐαγγελιοῦνται
- 7 Tout mouton ak kabrit peyi Keda yo ap sanble lakay nou. N'a gen belye mouton peyi Nebayòt yo pou fè sèvis. N'a ofri yo pou boule sou lotèl mwen an. Sa va fè m' plezi. Seyè a va fè kay kote fòtèy li ye a vin byen bèl ankò.
All the flocks of Kedar will come together to you, the sheep of Nebaioth will be ready for your need; they will be pleasing offerings on my altar, and my house of prayer will be beautiful.
καὶ πάντα τὰ πρόβατα κηδαρ συναχθήσονται σοι καὶ κριοὶ ναβαιοθ ἦξουσὶν σοι καὶ ἀνερχθήσεται δεκτὰ ἐπὶ τὸ θυσιαστήριόν μου καὶ ὁ οἶκος τῆς προσευχῆς μου δοξαστήσεται
- 8 Ki tout moun sa yo? Y'ap plane tankou yon nwaj nan syèl la, tankou yon bann pijon k'ap tounen vin nan kalòj yo?
Who are these coming like a cloud, like a flight of doves to their windows?
τίνες οἶδε ὡς νεφέλαι πέτανται καὶ ὡς περιστεραὶ σὺν νεοσσοῖς
- 9 ¶ Se yon bann bato k'ap soti byen lwen, bato peyi Tasis yo devan. Y'ap mennen moun pèp Bondye a tounen lakay yo. Y'ap pote ajan ak lò ak yo an kantite, pou sa sèvi yon lwanj pou Seyè a, Bondye nou an. Paske Bondye pèp Izrayèl la, ki yon Bondye apa, te fè bèl bagay pou pèp li a.
Vessels of the sea-lands are waiting for me, and the ships of Tarshish first, so that your sons may come from far, and their silver and gold with them, to the place of the name of the Lord your God, and to the Holy One of Israel, because he has made you beautiful.
ἐμὲ νῆσοι ὑπέμειναν καὶ πλοῖα θαρσις ἐν πρώτοις ἀγαγεῖν τὰ τέκνα σου μακρόθεν καὶ τὸν ἄργυρον καὶ τὸν χρυσὸν μετ' αὐτῶν διὰ τὸ ὄνομα κυρίου τὸ ἅγιον καὶ διὰ τὸν ἅγιον τοῦ ἰσραηλ ἔνδοξον εἶναι

- 10 Seyè a pale ak lavil Jerizalèm, li di l' konsa: -Se moun lòt nasyon ki pral rebati miray nou yo! Se wa yo ki pral sèvi nou domestik. Nan kòlè mwen, mwen te pini nou. Men, mwen gen pitye pou nou paske mwen gen bon kè.
And men from strange countries will be building up your walls, and their kings will be your servants: for in my wrath I sent punishment on you, but in my grace I have had mercy on you.
καὶ οἰκοδομήσουσιν ἀλλογενεῖς τὰ τείχη σου καὶ οἱ βασιλεῖς αὐτῶν παραστήσονται σοὶ διὰ γὰρ ὀργὴν μου ἐπάταξά σε καὶ διὰ ἔλεον ἠγάπησά σε
- 11 Pòtay nou yo ap rete louvri lajounen kou lannwit. Yo p'ap janm fèmen, pou wa lòt nasyon yo ka pote tout richès peyi yo lakay nou.
Your doors will be open at all times; they will not be shut day or night; so that men may come into you with the wealth of the nations, with their kings at their head.
καὶ ἀνοιχθήσονται αἱ πύλαι σου διὰ παντός ἡμέρας καὶ νυκτὸς οὐ κλεισθήσονται εἰσαγαγεῖν πρὸς σὲ δύναμιν ἔθνων καὶ βασιλεῖς ἀγομένους
- 12 Paske y'ap detwi tout nasyon ak tout wa ki pa vle sèvi nou yo. Y'ap kraze peyi sa yo nèt ale.
For the nation or kingdom which will not be your servant will come to destruction; such nations will be completely waste.
τὰ γὰρ ἔθνη καὶ οἱ βασιλεῖς οἵτινες οὐ δουλεύσουσιν σοὶ ἀπολοῦνται καὶ τὰ ἔθνη ἐρημία ἐρημωθήσονται
- 13 Y'a pote pi bèl pyebwa nan peyi Liban an, pichpen, pye sèd ak bwadòm, lakay nou pou dekore tanp ki apa pou mwen an, pou anbeli kote m' rete a.
The glory of Lebanon will come to you, the cypress, the plane, and the sherrin-tree together, to make my holy place beautiful; and the resting-place of my feet will be full of glory.
καὶ ἡ δόξα τοῦ λιβάνου πρὸς σὲ ἥξει ἐν κυπαρίσσῳ καὶ πεύκῃ καὶ κέδρω ἅμα δοξάσαι τὸν τόπον τὸν ἁγίόν μου
- 14 Pitit moun ki t'ap maltrete nou yo va vin jwenn nou tèt bese. Tout moun ki t'ap pase nou nan betiz pral ajenou nan pye nou. Y'a rele nou lavil Seyè a, Mòn Siyon ki pou Bondye pèp Izrayèl la ki yon Bondye apa.
And the sons of those who were cruel to you will come before you with bent heads; and those who made sport of you will go down on their faces at your feet; and you will be named, The Town of the Lord, The Zion of the Holy One of Israel.
καὶ πορεύσονται πρὸς σὲ δεδουλωμένοι υἱοὶ ταπεινώσαντων σε καὶ παροξυνάντων σε καὶ κληθήσῃ πόλις κυρίου σιων ἁγίου ἰσραὴλ
- 15 ¶ Mwen p'ap vire do ban nou ankò. Yo p'ap rayi nou. Nou p'ap rete san pesonn pou vizite nou. M'ap fè moun nou yo toujou kontan wè nou. Y'a fè fèt de tit an tit.
And though you were turned away from, and hated, and had no helper, I will make you a pride for ever, a joy from generation to generation.
διὰ τὸ γεγενῆσθαι σε ἐγκαταλειμμένην καὶ μεμιστημένην καὶ οὐκ ἦν ὁ βοηθὸν καὶ θήσω σε ἀγαλλίαμα αἰώνιον εὐφροσύνην γενεῶν γενεαῖς
- 16 Lòt nasyon yo ansanm ak wa yo va pran swen nou tankou yon nouris k'ap bay pitit li tete. Lè sa a n'a konnen se mwen menm, Seyè a, ki sove nou. Se Bondye pèp Izrayèl la, Bondye ki gen tout pouwva a, ki delivre nou.
And you will take the milk of the nations, flowing from the breast of kings; and you will see that I, the Lord, am your saviour, and he who takes up your cause, the Strong One of Jacob.
καὶ θηλάσεις γάλα ἔθνων καὶ πλοῦτον βασιλέων φάγεσαι καὶ γνώσῃ ὅτι ἐγὼ κύριος ὁ σφύζων σε καὶ ἐξαιρούμενός σε θεὸς ἰσραὴλ
- 17 M'a fè yo pote lò pou nou nan plas kwiv. M'a fè yo pote ajan pou nou nan plas fè. N'a gen kwiv nan plas bwa, n'a gen fè nan plas wòch. Nan plas chèf ki t'ap peze nou yo, m'a mete chèf k'ap fè nou viv ak kè poze. Nan plas chèf ki t'ap souse nou yo, m'a mete chèf k'ap fè sa ki dwat.
In place of brass, I will give gold, and for iron silver, and for wood brass, and for stones iron: and I will make Peace your judge, and Righteousness your overseer.
καὶ ἀντὶ χαλκοῦ οἶσω σοὶ χρυσίον ἀντὶ δὲ σιδήρου οἶσω σοὶ ἀργύριον ἀντὶ δὲ ξύλων οἶσω σοὶ χαλκὸν ἀντὶ δὲ λίθων σίδηρον καὶ δώσω τοὺς ἄρχοντας σου ἐν εἰρήνῃ καὶ τοὺς ἐπισκόπους σου ἐν δικαίῳ σὺνῃ
- 18 Yo p'ap tande moun fè mechnaste nan peyi a ankò. Moun p'ap devalize peyi a ankò, ni moun p'ap kraze l'. M'ap sèvi nou ranpa, se mwen menm k'ap pwoteje nou. M'ap sèvi nou pòtay, n'a fè lwanj mwen.
Violent acts will no longer be seen in your land, wasting or destruction in your limits; but your walls will be named, Salvation, and your doors Praise.
καὶ οὐκ ἀκουσθήσεται ἔτι ἀδικία ἐν τῇ γῆ σου οὐδὲ σύντριμμα οὐδὲ ταλαιπωρία ἐν τοῖς ὀρίοις σου ἀλλὰ κληθήσεται σωτήριον τὰ τείχη σου καὶ αἱ πύλαι σου γλύμμα
- 19 Se pa solèy la ki pral klere nou lajounen. Ni nou p'ap bezwen klète lalin lan pou klere nou lannwit. Se mwen menm, Seyè a, ki pral sèvi nou limyè pou tout tan. Se Bondye nou an ki pral leve tèt nou.
The sun will not be your light by day, and the moon will no longer be bright for you by night: but the Lord will be to you an eternal light, and your God your glory.
καὶ οὐκ ἔσται σοὶ ὁ ἥλιος εἰς φῶς ἡμέρας οὐδὲ ἀνατολὴ σελήνης φωτιεῖ σοὶ τὴν νύκτα ἀλλ' ἔσται σοὶ κύριος φῶς αἰώνιον καὶ ὁ θεὸς δόξα σου
- 20 Solèy nou an p'ap janm kouche ankò. Lalin nou an p'ap janm disparèt. Se Seyè a menm ki pral sèvi nou limyè pou tout tan. Jou lafiksyon nou yo fini.
Your sun will never again go down, or your moon keep back her light: for the Lord will be your eternal light, and the days of your sorrow will be ended.
οὐ γὰρ δύσεται ὁ ἥλιός σοι καὶ ἡ σελήνη σοὶ οὐκ ἐκλείψει ἔσται γὰρ κύριός σοι φῶς αἰώνιον καὶ ἀναπληρωθήσονται αἱ ἡμέραι τοῦ πένθους σου
- 21 Tout moun nan pèp nou an va fè sa ki dwat. Y'a rete nan peyi a pou tout tan. Tankou kreyòl jaden mwen, se mwen ki plante yo, se mwen ki fè yo ak men mwen, pou m' ka fè tout moun wè pouwva mwen.
Your people will all be upright, the land will be their heritage for ever; the branch of my planting, the work of my hands, to be for my glory.
καὶ ὁ λαός σου πᾶς δίκαιος καὶ δι' αἰῶνος κληρονομήσουσιν τὴν γῆν φυλάσσω τὸ φύτευμα ἔργα χειρῶν αὐτοῦ εἰς δόξαν

- 22 Fanmi ki pi piti nan mitan nou an pral gen mil (1.000) moun. Fanmi ki pa vo anyen an pral tounen yon gwo nasyon. Se mwen menm Seyè a ki p'ap mize fè sa, lè lè a va rive.
The smallest of their families will become a thousand, and a small one a strong nation: I, the Lord, will make it come quickly in its time.
ὁ ὀλιγοστὸς ἔσται εἰς χιλιάδας καὶ ὁ ἐλάχιστος εἰς ἔθνος μέγα ἐγὼ κύριος κατὰ καιρὸν συνάξω αὐτούς
- 1 ¶ Lespri Bondye, Seyè a, desann sou mwen. Paske Seyè a chwazi m', li voye m' pou m' anonse bon nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo, pou m' geri tout moun k'ap souffri yo, pou m' fè tout moun yo te depòte yo konnen yo delivre, pou m' fè tout prizonnye yo konnen pòt prizon louvri pou yo.
The spirit of the Lord is on me, because I am marked out by him to give good news to the poor; he has sent me to make the broken-hearted well, to say that the prisoners will be made free, and that those in chains will see the light again;
πνεῦμα κυρίου ἐπ' ἐμέ οὐ εἵνεκεν ἔχρισέν με εὐαγγελίσασθαι πτωχοῖς ἀπέσταλκέν με ἰάσασθαι τοὺς συντετριμμένους τῆ καρδίᾳ κηρύξαι αἰχμαλώτοις ἄφεις καὶ τυφλοῖς ἀνάβλεψιν
- 2 Li voye m' anonse lè a rive pou Seyè a vin delivre pèp li a, jou a rive pou Bondye nou an vin tire revanj pou nou. Li voye m' ankouraje tout moun ki nan lafliksyon,
To give knowledge that the year of the Lord's good pleasure has come, and the day of punishment from our God; to give comfort to all who are sad;
καλέσαι ἐνιαυτὸν κυρίου δεκτὸν καὶ ἡμέραν ἀναποδόσεως παρακαλέσαι πάντας τοὺς πενθοῦντας
- 3 pou m' bay moun mòn Siyon ki nan lafliksyon yo kè kontan nan plas lapenn yo, kontantman nan plas kè sere yo a. M'ap mete nan bouch yo chante remèsiman nan plas chante plenyen. Yo pral grandi tankou gwo pyebwa nan jaden Seyè a te plante ak men l'. Yo tout pral fè sa ki dwat devan Bondye, pou tout moun ka fè lwanj bèl pouwa li.
To give them a fair head-dress in place of dust, the oil of joy in place of the clothing of grief, praise in place of sorrow; so that they may be named trees of righteousness, the planting of the Lord, and so that he may have glory.
δοθῆναι τοῖς πενθοῦσιν σίων δόξαν ἀντὶ σποδοῦ ἄλειμμα εὐφροσύνης τοῖς πενθοῦσιν καταστολῆν δόξης ἀντὶ πνεύματος ἀκηδίας καὶ κληθήσονται γενεαὶ δικαιοσύνης φύτευμα κυρίου εἰς δόξαν
- 4 ¶ Yo gen pou yo rebati sou anplasman vye lavil yo. Y'a repare kay moun yo te bandonnen depi lontan. Y'a rebati lavil ki te fin kraze yo, kay ki te fin tounen mazi depi lontan yo.
And they will be building again the old broken walls, and will make new the old waste places, and will put up again the towns which have been waste for long generations.
καὶ οἰκοδομήσουσιν ἐρήμους αἰωνίας ἐξηρηωμένας πρότερον ἐξαναστήσουσιν καὶ καινιοῦσιν πόλεις ἐρήμους ἐξηρηωμένας εἰς γενεάς
- 5 Se moun lòt nasyon ki va pran swen mouton nou yo. Se moun vini ki va travay jaden nou yo, ki va okipe jaden rezen nou yo.
And men from strange countries will be your herdsmen, and those who are not Israelites will be your ploughmen and vine-keepers.
καὶ ἤξουσιν ἀλλογενεῖς ποιμαίνοντες τὰ πρόβατά σου καὶ ἀλλόφυλοι ἀροτῆρες καὶ ἀμπελοργοὶ
- 6 Men nou menm, y'a rele nou prèt Seyè a. Wi, y'a rele nou Sèvitè Bondye nou an! N'a jwi richès lòt nasyon yo. Tout bèl bagay lakay yo, se pou nou y'a ye.
But you will be named the priests of the Lord, the servants of our God: you will have the wealth of the nations for your food, and you will be clothed with their glory.
ὁμοίως δὲ ἱερεῖς κυρίου κληθήσεσθε λειτουργοὶ θεοῦ ἰσχυρὸν ἔθνος κατέδεσθε καὶ ἐν τῷ πλούτῳ αὐτῶν θαυμασθήσεσθε
- 7 Kote yo te konn fè nou wont, se sou tèt y'a pote nou. Kote yo te konn pase nou nan rizib, y'a fè gwo fèt pou nou. N'a rete nan peyi nou, richès nou va double. N'a toujou gen kè kontan san rete.
As they had twice as much grief, and marks of shame were their heritage, so in their land they will be rewarded twice over, and will have eternal joy.
οὕτως ἐκ δευτέρως κληρονομήσουσιν τὴν γῆν καὶ εὐφροσύνη αἰώνιος ὑπὲρ κεφαλῆς αὐτῶν
- 8 Seyè a di: -Mwen menm, Seyè a, mwen renmen sa ki dwat, mwen pa vle wè lè moun ap vòlò, lè moun ap fè lenjistis. M'a kenbe pawòl mwen, m'a bay pèp mwen an rekonpans yo, m'a pase ak yo yon kontra k'ap la pou tout tan.
For I, the Lord, take pleasure in upright judging; I will not put up with the violent taking away of right; and I will certainly give them their reward, and I will make an eternal agreement with them.
ἐγὼ γὰρ εἰμι κύριος ὁ ἀγαπῶν δικαιοσύνην καὶ μισῶν ἀρπάγματα ἐξ ἀδικίας καὶ δώσω τὸν μόχθον αὐτῶν δικαίως καὶ διαθήκην αἰώνιον διαθήσομαι αὐτοῖς
- 9 Nan tout peyi, y'a nonmen non yo. Pitit pitit yo va gen bon non nan mitan lòt pèp yo. Tout moun ki va wè yo va konnen se yon ras moun mwenmenm menm, Seyè a, mwen beni.
And their seed will be noted among the nations, and their offspring among the peoples: it will be clear to all who see them that they are the seed to which the Lord has given his blessing.
καὶ γνωσθήσεται ἐν τοῖς ἔθνεσιν τὸ σπέρμα αὐτῶν καὶ τὰ ἔκγονα αὐτῶν πᾶς ὁ ὀρών αὐτούς ἐπιγνώσεται αὐτούς ὅτι οὗτοί εἰσιν σπέρμα ἠὺλογημένον ὑπὸ θεοῦ
- 10 ¶ Se pa ti kontan kè m' kontan pou sa Seyè a fè. M'ap fè fèt pou Bondye mwen an. Paske mwen tankou yon nèg k'ap marye ki fin abiye pou nòs la, tankou yon lamarye k'ap ranje bijou l' yo sou li. Li kouvri m' ak pouwa li pou l' sove m'. Li vlope m' nan bra li pou l' delivre m'.
I will be full of joy in the Lord, my soul will be glad in my God; for he has put on me the clothing of salvation, covering me with the robe of righteousness, as the husband puts on a fair head-dress, and the bride makes herself beautiful with jewels.
καὶ εὐφροσύνη εὐφρανθήσονται ἐπὶ κύριον ἀγαλλιάσθω ἡ ψυχὴ μου ἐπὶ τῷ κυρίῳ ἐνέδυσεν γὰρ με ἱμάτιον σωτηρίου καὶ χιτῶνα εὐφροσύνης ὡς νυμφίῳ περιέθηκέν μοι μίτραν καὶ ὡς νύμφην κατεκόσμησέν με κόσμῳ
- 11 Menm jan tè a fè ti plant yo pouse, menm jan grenn yo leve nan jaden, konsa tou, Seyè ki la pou tout tan an va delivre pèp li a. Tout nasyon va fè lwanj li toupatou.
For as the earth puts out buds, and as the garden gives growth to the seeds which are planted in it, so the Lord will make righteousness and praise to be flowering before all the nations.
καὶ ὡς γῆν αὐξοῦσαν τὸ ἄνθος αὐτῆς καὶ ὡς κήπος τὰ σπέρματα αὐτοῦ οὕτως ἀνατελεῖ κύριος δικαιοσύνην καὶ ἀγαλλίαμα ἐναντίον πάντων τῶν ἔθνῶν

- 1 ¶ Jan m' renmen mòn Siyon sa a! Se pou m' pale. Jan m' renmen lavil Jerizalèm sa a, mwen p'ap pran kanpo, jouk delivrans li va parèt tankou limyè solèy k'ap leve, tankou flanbo k'ap klere nan fènwa.
Because of Zion I will not keep quiet, and because of Jerusalem I will take no rest, till her righteousness goes out like the shining of the sun, and her salvation like a burning light.
διὰ σίων οὐ σιωπήσομαι καὶ διὰ ἱερουσαλημ οὐκ ἀνήσω ἕως ἂν ἐξέλθῃ ὡς φῶς ἡ δικαιοσύνη μου τὸ δὲ σωτήριόν μου ὡς λαμπὴς καθήσεται
- 2 Jerizalèm, tout nasyon yo va wè delivrans ou. Tout wa yo pral wè pouwva ou. Y'a ba ou yon lòt non, non Seyè a menm va chwazi pou ou a.
And the nations will see your righteousness, and all kings your glory: and you will have a new name, given by the mouth of the Lord.
καὶ ὄψονται ἔθνη τὴν δικαιοσύνην σου καὶ βασιλεῖς τὴν δόξαν σου καὶ καλέσει σε τὸ ὄνομά σου τὸ καινὸν ὃ ὁ κύριος ὀνομάσει αὐτό
- 3 W'a tankou yon bèl kouwòn nan men Seyè a, tankou yon bèl foula nan men Bondye ou la.
And you will be a fair crown in the hand of the Lord, and a king's head-dress in the hand of your God.
καὶ ἔση στέφανος κάλλους ἐν χειρὶ κυρίου καὶ διάδημα βασιλείας ἐν χειρὶ θεοῦ σου
- 4 Yo p'ap rele ou ti mepriz ankò. Yo p'ap konsidere peyi ou la tankou yon madanm mari l' kite l'. Y'a rele ou Kè kontan pou Bondye. Y'a rele peyi ou la Bèl madan marye. Paske ou fè Seyè a plezi, l'ap tankou yon mari pou peyi ou la.
You will not now be named, She who is given up; and your land will no longer be named, The waste land: but you will have the name, My pleasure is in her, and your land will be named, Married: for the Lord has pleasure in you, and your land will be married.
καὶ οὐκέτι κληθήσῃ καταλελειμμένη καὶ ἡ γῆ σου οὐ κληθήσεται ἔρημος σοὶ γὰρ κληθήσεται θέλημα ἐμόν καὶ τῆ γῆ σου οἰκουμένη
- 5 Menm jan yon jenn gason marye ak yon jenn fi, Seyè a pral marye avè ou. Menm jan yon nonm marye kontan madanm li, Bondye ou la pral kontan ou.
For as a young man takes a virgin for his wife, so will your maker be married to you: and as a husband has joy in his bride, so will the Lord your God be glad over you.
καὶ ὡς συνοικῶν νεανίσκος παρθένῳ οὕτως κατοικήσουσιν οἱ υἱοὶ σου μετὰ σοῦ καὶ ἔσται ὄν τρόπον εὐφρανθήσεται νυμφίος ἐπὶ νύμφῃ οὕτως εὐφρανθήσεται κύριος ἐπὶ σοί
- 6 ¶ Jerizalèm, mwen mete gad ap fè pòs sou miray ou yo. Lajounen kou lannwit, se pou yo pale. Se pou yo fè Seyè a chonje pwomès li te fè ou yo, pou li pa janm bliye ou.
I have put watchmen on your walls, O Jerusalem; they will not keep quiet day or night: you who are the Lord's recorders, take no rest,
καὶ ἐπὶ τῶν τειχέων σου ἱερουσαλημ κατέστησα φύλακας ὄλην τὴν ἡμέραν καὶ ὄλην τὴν νύκτα οἱ διὰ τέλους οὐ σιωπήσονται μμνησκόμενοι κυρίου
- 7 Se pou yo kenbe l' kout jouk l'a fè lavil Jerizalèm kanpe ankò, pou toupatou sou latè y'a fè lwanj pou li.
And give him no rest, till he puts Jerusalem in her place to be praised in the earth.
οὐκ ἔστιν γὰρ ὑμῖν ὁμοιος ἐὰν διορθώσῃ καὶ ποιήσῃ ἱερουσαλημ ἀγαυρίαμα ἐπὶ τῆς γῆς
- 8 Seyè a fè sèman, l'ap kenbe l' avèk fòs ponyèt li. -Mwen p'ap lage farin ble nou an nan men lènmi nou yo pou yo manje l'. Mwen p'ap kite moun lòt nasyon yo bwè diven nou te fatigue kò nou fè ak kouraj nou.
The Lord has taken an oath by his right hand, and by the arm of his strength, Truly, I will no longer give your grain to be food for your haters; and men of strange countries will not take the wine for which your work has been done:
ὅμοσεν κύριος κατὰ τῆς δεξιᾶς αὐτοῦ καὶ κατὰ τῆς ἰσχύος τοῦ βραχίονος αὐτοῦ εἰ ἔτι δώσω τὸν σῖτόν σου καὶ τὰ βρώματά σου τοῖς ἐχθροῖς σου καὶ εἰ ἔτι πίνονται υἱοὶ ἀλλότριοι τὸν οἶνόν σου ἐφ' ᾧ ἔ μοχθήσας
- 9 Men, nou menm ki te ranmase rekòt grenn yo, se nou ki va manje yo, lèfini n'a fè lwanj Seyè a. Se nou menm ki va bwè diven nan lakou kay ki apa pou Bondye a.
But those who have got in the grain will have it for their food, and will give praise to the Lord; and those who have got in the grapes will take the wine of them in the open places of my holy house.
ἀλλ' ἢ οἱ συνάγοντες φάγονται αὐτὰ καὶ αἰνέσουσιν κύριον καὶ οἱ συνάγοντες πίνονται αὐτὰ ἐν ταῖς ἐπαύλεσιν ταῖς ἀγίαις μου
- 10 ¶ Nou menm moun lavil Jerizalèm, pase nan pòtay la, soti nan lavil la. Al pare wout la pou pèp la tounen. Ranbleye! Wete wòch sou tout wout la! Leve drapo a, fè tout nasyon yo siyon!
Go through, go through the doors; make ready the way of the people; let the highway be lifted up; let the stones be taken away; let a flag be lifted up over the peoples.
πορεύεσθε διὰ τῶν πυλῶν μου καὶ ὁδοποιήσατε τῷ λαῷ μου καὶ τοὺς λίθους τοὺς ἐκ τῆς ὁδοῦ διαρρίψατε ἐξάρατε σύσσημον εἰς τὰ ἔθνη
- 11 Seyè a pral fè tout latè a konnen nouvèl la: -Di moun lavil ki sou mòn Siyon an: Men moun ki delivre nou an ap vini. L'ap mennen moun li sove yo avè l'. Y'ap mache devan l'. Se rekonpans li, se rezilta travay li.
The Lord has sent out word to the end of the earth, Say to the daughter of Zion, See, your saviour comes; those whom he has made free are with him, and those to whom he has given salvation go before him.
ἰδοὺ γὰρ κύριος ἐποίησεν ἀκουστὸν ἕως ἐσχάτου τῆς γῆς εἶπατε τῇ θυγατρὶ σίων ἰδοὺ σοὶ ὁ σωτὴρ παραγίνεται ἔχων τὸν ἑαυτοῦ μισθὸν καὶ τὸ ἔργον πρὸ προσώπου αὐτοῦ
- 12 Y'a rele nou pèp ki apa pou Bondye a, pèp Bondye delivre a. Y'a rele lavil Jerizalèm lavil Bondye renmen an, lavil Bondye p'ap janm lage a.
And they will be named, The holy people, Those whose cause has been taken up by the Lord: and you will be named, Desired, A town not given up.
καὶ καλέσει αὐτὸν λαὸν ἅγιον λελυτρωμένον ὑπὸ κυρίου σὺ δὲ κληθήσῃ ἐπιζητούμενη πόλις καὶ οὐκ ἐγκαταλελειμμένη

- 1 ¶ Kilès sa a k'ap vini sot lavil Bozra nan peyi Edon an, ak yon rad tou wouj sou li a? L'ap mache byen bwòdè ak bèl rad li sou li. L'ap mache tèt li byen wo, l'ap pile tè a byen fò. Se mwen menm, Seyè a, ki gen pouvwa pou delivre moun lan, k'ap pale sou koze delivrans lan.
Who is this who comes from Edom, with blood-red robes from Bozrah? he whose clothing is fair, stepping with pride in his great strength? I whose glory is in the right, strong for salvation.
τις οὗτος ὁ παραγινόμενος ἐξ ἐδωμ ἐρυθρὰ ἱματίων ἐκ βοσορ οὕτως ὠραῖος ἐν στολῇ βίᾳ μετὰ ἰσχύος ἐγὼ διαλέγομαι δικαιοσύνην καὶ κρίσιν σωτηρίου
- 2 Poulkisa rad sou ou yo wouj konsa, tankou rad moun k'ap kraze rezen anba pye yo pou fè diven nan basen?
Why is your clothing red, and why are your robes like those of one who is crushing the grapes?
διὰ τί σου ἐρυθρὰ τὰ ἱμάτια καὶ τὰ ἐνδύματά σου ὡς ἀπὸ πατητοῦ ληνοῦ
- 3 Seyè a reponn: -Mwen te pou kont mwen ap kraze nasyon yo anba pye m', tankou rezen nan basen. Pa t' gen yon moun nan pèp mwen an ki te la avè m'. Mwen fè kòlè, mwen mache sou yo, m' pilonnen yo anba pye m' sitèlman mwen te fache. San yo benyen tout rad mwen, li tache yo byen tache.
I have been crushing the grapes by myself, and of the peoples there was no man with me: in my wrath and in my passion, they were crushed under my feet; and my robes are marked with their life-blood, and all my clothing is red.
πλήρης καταπεπτημένης καὶ τῶν ἔθνῶν οὐκ ἔστιν ἀνὴρ μετ' ἐμοῦ καὶ κατεπάτησα αὐτοὺς ἐν θυμῷ καὶ κατέθλασα αὐτοὺς ὡς γῆν καὶ κατήγαγον τὸ αἷμα αὐτῶν εἰς γῆν
- 4 Mwen te chwazi nan kè m' jou pou m' te tire revanj pou pèp mwen an. Lè pou m' te pini lènmi l' yo te rive.
For the day of punishment is in my heart, and the year for the payment of the price for my people has come.
ἡμέρα γὰρ ἀνταποδόσεως ἐπῆλθεν αὐτοῖς καὶ ἐνιαυτὸς λυτρώσεως παρέσθιν
- 5 Lè m' gade, mwen te sezi. Pa t' gen yon moun pou ban m' yon koutmen. Pa t' gen pesonn pou ban m' konkou. Men, mwen te sitèlman an kòlè, mwen jwenn kont fòs nan ponyèt mwen, mwen kenbe jouk mwen fin delivre yo.
And I saw that there was no helper, and I was wondering that no one gave them support: so my arm did the work of salvation, and my wrath was my support.
καὶ ἐπέβλεψα καὶ οὐδεὶς βοηθός καὶ προσένησα καὶ οὐθεὶς ἀντελαμβάνετο καὶ ἐρρύσατο αὐτοὺς ὁ βραχίον μου καὶ ὁ θυμὸς μου ἐπέστη
- 6 Mwen fè yon sèl kòlè, mwen kraze yon bann pèp. Mwen dechèpiye yo sitèlman mwen te fache. Mwen fè dlo kò yo benyen kò yo.
And in my passion the peoples were crushed under my feet, and broken in my wrath, and I put down their strength to the earth.
καὶ κατεπάτησα αὐτοὺς τῇ ὀργῇ μου καὶ κατήγαγον τὸ αἷμα αὐτῶν εἰς γῆν
- 7 ¶ M'a chante pou m' fè konnen tout bèl bagay Seyè a fè pou nou. M'a fè lwanj li pou tou sa li fè pou nou, pou jan li bon pou moun fanmi Izrayèl yo. Li moutre nou jan li gen kè sansib pou nou, jan li renmen nou anpil.
I will give news of the mercies of the Lord, and his great acts, even all the things the Lord has done for us, in his great grace to the house of Israel; even all he has done for us in his unnumbered mercies.
τὸν ἔλεον κυρίου ἐμνήσθην τὰς ἀρετὰς κυρίου ἐν πᾶσιν οἷς ὁ κύριος ἡμῖν ἀνταποδίδωσιν κύριος κριτὴς ἀγαθὸς τῷ οἴκῳ ἰσραὴλ ἐπάγει ἡμῖν κατὰ τὸ ἔλεος αὐτοῦ καὶ κατὰ τὸ πλῆθος τῆς δικαιοσύνης αὐτοῦ
- 8 Seyè a te di se pèp mwen yo ye, m' sèten yo p'ap fè m' wont. Se konsa, li delivre yo
For he said, Truly they are my people, children who will not be false: so he was their saviour out of all their trouble.
καὶ εἶπεν οὐχ ὁ λαός μου τέκνα οὐ μὴ ἀθετήσωσιν καὶ ἐγένετο αὐτοῖς εἰς σωτηρίαν
- 9 nan tout tèt chaje yo. Se pa t' yon moun ni yon zanj li te voye fè travay la pou li. Se limenn menm ki te vin delivre yo. Li sitèlman renmen yo, kè l' sitèlman fè l' mal pou yo, se limenn menm ki te vin delivre yo. Nan tan lontan, li te toujou pran swen yo.
It was no sent one or angel, but he himself who was their saviour: in his love and in his pity he took up their cause, and he took them in his arms, caring for them all through the years.
ἐκ πάσης θλίψεως οὐ πρέσβυς οὐδὲ ἄγγελος ἀλλ' αὐτὸς κύριος ἔσωσεν αὐτοὺς διὰ τὸ ἀγαπᾶν αὐτοὺς καὶ φεῖδεσθαι αὐτῶν αὐτὸς ἐλυτρώσατο αὐτοὺς καὶ ἀνέλαβεν αὐτοὺς καὶ ὑψωσεν αὐτοὺς πάσας τὰς ἡμέρας τοῦ αἰῶνος
- 10 Men, yo te fè wòklò avè l', yo te fè l' lapenn anpil. Se konsa Seyè a te tounen yon lènmi pou yo, li fè yo lagè.
But they went against him, causing grief to his holy spirit: so he was turned against them, and made war on them.
αὐτοὶ δὲ ἠπειθήσαν καὶ παρώξυναν τὸ πνεῦμα τὸ ἅγιον αὐτοῦ καὶ ἐστράφη αὐτοῖς εἰς ἔχθραν καὶ αὐτὸς ἐπολέμησεν αὐτούς
- 11 Men, yo chonje tan lontan, yo vin chonje Moyiz. Yo mande koulye a: Kote Bondye ki te rale yo sot nan lanmè a, Bondye ki te mete Moyiz mache devan yo tankou yon gadò pou bann mouton l' yo?
Kote Bondye ki te bay Moyiz pouvw lespri li a?
Then the early days came to their minds, the days of Moses his servant: and they said, Where is he who made the keeper of his flock come up from the sea? where is he who put his holy spirit among them,
καὶ ἐμνήσθη ἡμερῶν αἰώνιων ὁ ἀναβιάσας ἐκ τῆς γῆς τὸν ποιμένα τῶν προβάτων ποῦ ἔστιν ὁ θεὸς ἐν αὐτοῖς τὸ πνεῦμα τὸ ἅγιον

- 12 Kote Bondye ki te kanpe sou bò dwat Moyiz la pou fè gwo mènèy ak fòs ponyèt li, lè li te fann dlo a devan yo pou tout moun te ka toujou chonje sa l' te fè a?
He who made the arm of his glory go at the right hand of Moses, by whom the waters were parted before them, to make himself an eternal name;
ὁ ἀγαθὸν τῆ δεξιᾷ μουσῆν ὁ βραχίον τῆς δόξης αὐτοῦ κατίσχυσεν ὕδωρ ἀπὸ προσώπου αὐτοῦ ποιῆσαι αὐτῷ ὄνομα αἰώνιον
- 13 Lè Bondye te fè yo mache nan fon lannè a tankou chwal nan sab dezè, san yo pa janm bite,
He who made them go through the deep waters, like a horse in the waste land?
ἤγαγεν αὐτοὺς διὰ τῆς ἀβύσσου ὡς ἵππον δι' ἐρήμου καὶ οὐκ ἐκοπίασαν
- 14 tankou bèf k'ap desann nan plenn pou y' al manje, lespri Seyè a te mennen yo kote pou yo poze. Wi, se konsa Seyè a te mache devan pèp li a, pou tout moun te ka toujou nonmen non l' pou jan li gen pouwva.
Like the cattle which go down into the valley, they went without falling, the spirit of the Lord guiding them: so you went before your people, to make yourself a great name.
καὶ ὡς κτήνη διὰ πεδίου κατέβη πνεῦμα παρὰ κυρίου καὶ ὠδήγησεν αὐτοὺς οὕτως ἤγαγες τὸν λαόν σου ποιῆσαι σεαυτῷ ὄνομα δόξης
- 15 ¶ Seyè, antan ou nan syèl la, nan bèl kay ki apa pou ou a, tanpri, voye je ou gade nou non! Jan ou te fè jalouzi pou nou sa a! Jan ou te kanpe pou nou ak kouraj ou sa a! Jan ou te renmen nou sa a!
Jan ou te konn gen pitye pou nou sa a! Kote ou kite tou sa? Gen lè ou fèmen kè ou!
Let your eyes be looking down from heaven, from your holy and beautiful house: where is your deep feeling, the working of your power? do not keep back the moving of your pity and your mercies:
ἐπίστρεψον ἐκ τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἰδὲ ἐκ τοῦ οἴκου τοῦ ἁγίου σου καὶ δόξης ποῦ ἐστὶν ὁ ζῆλός σου καὶ ἡ ἰσχύς σου ποῦ ἐστὶν τὸ πλῆθος τοῦ ἐλέους σου καὶ τῶν οἰκτιρμῶν σου ὅτι ἀνέσχου ἡμῶν
- 16 Se ou menm ki papa nou. Abraram pa konnen nou. Izrayèl pa rekonèt nou! Se ou menm, Seyè, ki papa nou. Se ou menm ki toujou delivre nou!
For you are our father, though Abraham has no knowledge of us, and Israel gives no thought to us: you, O Lord, are our father; from the earliest days you have taken up our cause.
σὺ γὰρ ἡμῶν εἶ πατήρ ὅτι ἀβρααμ οὐκ ἔγνω ἡμᾶς καὶ ἰσραηλ οὐκ ἐπέγνω ἡμᾶς ἀλλὰ σὺ κύριε πατήρ ἡμῶν ῥύσαι ἡμᾶς ἀπ' ἀρχῆς τὸ ὄνομά σου ἐφ' ἡμᾶς ἐστὶν
- 17 Poukisa atò ou kite nou pèdi chemen ou te mete devan nou an, ou kite nou lage kò nou nan raje? Poukisa ou kite nou fè tèt di, ou kite nou pèdi krentif nou te gen pou ou a? Tanpri, tounen vin jwenn nou non, poutèt moun k'ap sèvi ou yo, poutèt pèp ki toujou moun pa ou la!
O Lord, why do you send us wandering from your ways, making our hearts hard, so that we have no fear of you? Come back, because of your servants, the tribes of your heritage.
τί ἐπλάνησας ἡμᾶς κύριε ἀπὸ τῆς ὁδοῦ σου ἐσκλήρυνας ἡμῶν τὰς καρδίας τοῦ μὴ φοβεῖσθαι σε ἐπίστρεψον διὰ τοὺς δούλους σου διὰ τὰς φυλὰς τῆς κληρονομίας σου
- 18 Nou poko chita, lènmi nou yo te gen tan pran peyi a nan men nou, yo derespekte tanp ou a.
Why have evil men gone over your holy place, so that it has been crushed under the feet of our haters?
ἴνα μικρὸν κληρονομήσωμεν τοῦ ὄρους τοῦ ἁγίου σου οἱ ὑπεναντίοι ἡμῶν κατεπάτησαν τὸ ἁγίασμά σου
- 19 Depi kèk tan ou sèvi ak nou tankou si se pa ou ki chèf nou ankò, tankou si nou pa pèp ou a ankò.
We have become as those who were never ruled by you, on whom your name was not named.
ἐγενόμεθα ὡς τὸ ἀπ' ἀρχῆς ὅτε οὐκ ἤρξας ἡμῶν οὐδὲ ἐπεκλήθη τὸ ὄνομά σου ἐφ' ἡμᾶς ἐὰν ἀνοίξῃς τὸν οὐρανόν τρόμος λήμψεται ἀπὸ σοῦ ὄρη καὶ τακίησονται
- 1 ¶ Si ou te ka chire syèl la desann! Mòn yo ta annik wè ou, yo ta pran tranble.
\64:2\As when fire puts the brushwood in flames, or as when water is boiling from the heat of the fire: to make your name feared by your haters, so that the nations may be shaking before you;
ὡς κηρὸς ἀπὸ πυρὸς τήκεται καὶ κατακαύσει πῦρ τοὺς ὑπεναντίους καὶ φανερόν ἐσται τὸ ὄνομα κυρίου ἐν τοῖς ὑπεναντίους ἀπὸ προσώπου σου ἔθνη ταραχθήσονται
- 1 ¶ Si ou te ka chire syèl la desann! Mòn yo ta annik wè ou, yo ta pran tranble.
O let the heavens be broken open and come down, so that the mountains may be shaking before you,
ὡς κηρὸς ἀπὸ πυρὸς τήκεται καὶ κατακαύσει πῦρ τοὺς ὑπεναντίους καὶ φανερόν ἐσται τὸ ὄνομα κυρίου ἐν τοῖς ὑπεναντίους ἀπὸ προσώπου σου ἔθνη ταραχθήσονται
- 2 Yo ta moute desann tankou dlo k'ap bouyi sou gwo dife bwa. Desann non pou fè lènmi ou yo konnen ki moun ou ye, pou fè tout nasyon yo tranble devan ou!
\64:3\While you do acts of power for which we are not looking, and which have not come to the ears of men in the past.
ὅταν ποιῆς τὰ ἐνδοξα τρόμος λήμψεται ἀπὸ σοῦ ὄρη
- 3 Yon lè, ou te desann, ou te fè yon bann bagay nou pa t'ap tann, bagay ki fè moun pè: mòn yo te wè sa, yo te pran tranble.
\64:4\The ear has not had news of, or the eye seen, ... any God but you, working for the man who is waiting for him.
ἀπὸ τοῦ αἰῶνος οὐκ ἠκούσαμεν οὐδὲ οἱ ὀφθαλμοὶ ἡμῶν εἶδον θεὸν πλὴν σοῦ καὶ τὰ ἔργα σου ἃ ποιήσεις τοῖς ὑπομένουσιν ἔλεον
- 4 Pesonn pa janm wè ni yo pa janm tande yon Bondye tankou ou ki ka fè tou sa pou moun ki met espwa yo nan li.
\64:5\Will you not have mercy on him who takes pleasure in doing righteousness, even on those who keep in mind your ways? Truly you were angry, and we went on doing evil, and sinning against you in the past.
συναντήσεται γὰρ τοῖς ποιοῦσιν τὸ δίκαιον καὶ τῶν ὁδῶν σου μνησθήσονται ἰδοὺ σὺ ὠργίσθης καὶ ἡμεῖς ἡμάρτομεν διὰ τοῦτο ἐπλανήθημεν

- 5 Men, ou louvri bra ou pou ou resevwa moun ki te kontan mache dwat devan ou yo, moun ki te mache nan chemen ou mete devan yo epi ki pa janm bliye ou yo. Men, ou te move dèske nou pa t' sispann fè sa ki mal. Sa lakòz n'ap soufri jouk jòu w'a vin delivre nou.
 \64:6\For we have all become like an unclean person, and all our good acts are like a dirty robe: and we have all become old like a dead leaf, and our sins, like the wind, take us away.
 και ἐγενήθημεν ὡς ἀκάθαρτοι πάντες ἡμεῖς ὡς ῥάκος ἀποκαθημένης πᾶσα ἡ δικαιοσύνη ἡμῶν και ἐξερρήθημεν ὡς φύλλα διὰ τὰς ἀνομίας ἡμῶν οὕτως ἄνεμος οἶσει ἡμᾶς
- 6 ¶ Nou tout nou te tankou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Tou sa nou t'ap fè ki byen te tankou rad sou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Akòz peche nou yo, nou te tankou fèy chèch van ap bwote.
 \64:7\And there is no one who makes prayer to your name, or who is moved to keep true to you: for your face is veiled from us, and you have given us into the power of our sins.
 και οὐκ ἔστιν ὁ ἐπικαλούμενος τὸ ὄνομά σου και ὁ μνησθεὶς ἀντιλαβέσθαι σου ὅτι ἀπέστρεψας τὸ πρόσωπόν σου ἀφ' ἡμῶν και παρέδωκας ἡμᾶς διὰ τὰς ἀμαρτίας ἡμῶν
- 7 Pesonn pa lapriyè ou ankò! Pesonn pa chonje reve vin mande ou sekou. Ou vire do ban nou. Ou lage nou, ou kite peche nou yo fini ak nou.
 \64:8\But now, O Lord, you are our father; we are the earth, and you are our maker; and we are all the work of your hand.
 και νῦν κύριε πατήρ ἡμῶν σύ ἡμεῖς δὲ πηλὸς ἔργον τῶν χειρῶν σου πάντες
- 8 Men, Seyè, se ou ki papa nou! Se tè krich nou ye. Se ou menm k'ap ban nou fòm. Se ou menm ki te fè nou ak men ou.
 \64:9\Be not very angry, O Lord, and do not keep our sins in mind for ever: give ear to our prayer, for we are all your people.
 μη ὀργίζου ἡμῖν σφόδρα και μη ἐν καιρῷ μνησθῆς ἀμαρτιῶν ἡμῶν και νῦν ἐπιβλεψον ὅτι λαός σου πάντες ἡμεῖς
- 9 Tanpri, Seyè, pa fache tout fache sa a ak nou ankò! Pa kenbe nou nan kè ou poutèt peche nou yo! Se pèp pa ou la menm nou te ye! Tanpri, pitye pou nou!
 \64:10\Your holy towns have become a waste, Zion has become a waste, Jerusalem is a mass of broken walls.
 πόλις τοῦ ἁγίου σου ἐγενήθη ἔρημος σιων ὡς ἔρημος ἐγενήθη ἱερουσαλημ εἰς κατάραν
- 10 Laval yo mete apa pou ou yo rete san moun ladan yo. Mòn Siyon an tankou yon dezè. Laval Jerizalèm tounen yon savann.
 \64:11\Our holy and beautiful house, where our fathers gave praise to you, is burned with fire; and all the things of our desire have come to destruction.
 ὁ οἶκος τὸ ἅγιον ἡμῶν και ἡ δόξα ἣν ὑλόγησαν οἱ πατέρες ἡμῶν ἐγενήθη πυρίκαυστος και πάντα τὰ ἐνδοξα συνέπεσεν
- 11 Tanp nou an, bèl kay yo te mete apa pou ou a, kay kote tout zansèt nou yo t'ap fè lwanj ou a, dife fin boule sa. Tout bèl kote nou te renmen yo fin kraze.
 \64:12\In view of all this, will you still do nothing, O Lord? will you keep quiet, and go on increasing our punishment?
 και ἐπὶ πᾶσι τούτοις ἀνέσχω κύριε και ἐσιώπησας και ἐταπείνωσας ἡμᾶς σφόδρα
- 1 ¶ Seyè a te di: -Mwen te tou pare pou m' te reponn lapriyè pèp mwen an, menm lè yo pa t' lapriyè m'. Mwen te toupre yo, menm lè yo pa t' chache m'. Pèp la pa lapriyè nan pye m', atout mwen te toujou pare pou m' di yo: Men mwen! Men mwen!
 I have been ready to give an answer to those who did not make prayer to me; I have been offering myself to those who were not searching for me; I said, Here am I, here am I, to a nation which gave no respect to my name.
 ἐμφανῆς ἐγενόμην τοῖς ἐμὲ μη ζητοῦσιν εὐρέθην τοῖς ἐμὲ μη ἐπερωτῶσιν εἶπα ἰδοὺ εἰμι τῷ ἔθνει οἱ οὐκ ἐκάλεσάν μου τὸ ὄνομα
- 2 Chak jou mwen t'ap lonje men m' bay yon pèp ki t'ap kenbe tèt ak mwen, ki t'ap fè sa ki mal, ki t'ap fè sa yo pito.
 All day my hands have been stretched out to an uncontrolled people, who go in an evil way, after the purposes of their hearts;
 ἐξέπετασα τὰς χεῖράς μου ὄλην τὴν ἡμέραν πρὸς λαὸν ἀπειθοῦντα και ἀντιλέγοντα οἱ οὐκ ἐπορεύθησαν ὁδῷ ἀληθινῇ ἀλλ' ὀπίσω τῶν ἀμαρτιῶν αὐτῶν
- 3 Nan figi m' konsa, yo t'ap plede fè bagay pou fè m' fache. Yo ofri bèt pou touye pou zidòl nan jaden yo, yo boule lansan sou lotèl zidòl yo.
 A people who make me angry every day, making offerings in gardens, and burning perfumes on bricks.
 ὁ λαός οὗτος ὁ παροξύνων με ἐναντίον ἐμοῦ διὰ παντός αὐτοὶ θυσιάζουσιν ἐν τοῖς κήποις και θυμῶσιν ἐπὶ ταῖς πλίνθοις τοῖς δαιμονίοις ἃ οὐκ ἔστιν
- 4 Lannwit, y' al nan simityè ak nan twou wòch pou fè sèvis pou mò ka di yo sa pou yo fè. Yo manje vyann kochon, yo bwè bouyon fèt ak vyann ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye manje.
 Who are seated in the resting-places of the dead, and by night are in the secret places; who take pig's flesh for food, and have the liquid of disgusting things in their vessels.
 και ἐν τοῖς μνήμασιν και ἐν τοῖς σπηλαιοῖς κοιμῶνται δι' ἐνόπνια οἱ ἔσθοντες κρέα βεία και ζωμὸν θυσιῶν μεμολυμμένα πάντα τὰ σκευῆ αὐτῶν
- 5 Apre sa, yonn di lòt: Pa pwoche m'. Pa manyen m', paske yo mete m' apa pou Bondye! Non, mwen pa ka sipòte sa y'ap fè a. Sa fè m' move, kòlè mwen tankou yon dife ki p'ap janm mouri.
 Who say, Keep away, do not come near me, for fear that I make you holy: these are a smoke in my nose, a fire burning all day.
 οἱ λέγοντες πόρρω ἀπ' ἐμοῦ μη ἐγγίσης μου ὅτι καθαρὸς εἰμι οὗτος καπνός τοῦ θυμοῦ μου πῦρ καιεῖται ἐν αὐτῷ πάσας τὰς ἡμέρας
- 6 Seyè a te di: Men desizyon mwen fin pran nan kè m': Mwen p'ap bay kò m' kanpo toutotan mwen pa pini yo, toutan mwen pa regle yo
 See, it is recorded before me, says the Lord: I will not keep back my hand, till I have sent punishment,
 ἰδοὺ γέγραπται ἐνώπιόν μου οὐ σιωπήσω ἕως ἂν ἀποδῶ εἰς τὸν κόλπον αὐτῶν

- 7 pou peche yo ak pou peche zansèt yo. Yo te boule lansan pou zidòl sou mòn yo, yo t'ap derespekte m' sou ti bit mòn yo. Se poutèt sa m'ap regle ak yo jan yo merite l' la.
For their sins and the sins of their fathers, who were burning perfumes on the mountains, and saying evil things against me on the hills: so I will take the measure of their sins, and will send the punishment for them into their breast.
τὰς ἁμαρτίας αὐτῶν καὶ τῶν πατέρων αὐτῶν λέγει κύριος οἱ ἐθυμίασαν ἐπὶ τῶν ὄρεων καὶ ἐπὶ τῶν βουνῶν ὠνεϊδίσαζ με ἀποδώσω τὰ ἔργα αὐτῶν εἰς τὸν κόλπον αὐτῶν
- 8 ¶ Men sa Seyè a te di ankò: -Pesonn pa janm voye yon bon grap rezen jete. Okontrè, li sere l' pou fè diven ak li. Konsa tou, mwen p'ap detwi tout pèp la, m'ap sove moun k'ap sèvi m' yo.
This is the word of the Lord: As the new wine is seen in the grapes, and they say, Do not send destruction on it, for a blessing is in it: so will I do for my servants, in order that I may not put an end to them all.
οὕτως λέγει κύριος ὃν τρόπον εὐρεθήσεται ὁ ῥῶξ ἐν τῷ βότρυι καὶ ἐροῦσιν μὴ λυμήνη αὐτὸν ὅτι εὐλογία κυρίου ἐστὶν ἐν αὐτῷ οὕτως ποιήσω ἕνεκεν τοῦ δουλεύοντός μοι τούτου ἕνεκεν οὐ μὴ ἀπολέσῃ ὦ πάντας
- 9 Nan tout fanmi Jakòb la, m'ap fè moun branch fanmi Jida yo pran mòn mwen yo pou yo. Se la moun mwen chwazi yo ak moun k'ap sèvi m' yo va rete.
And I will take a seed out of Jacob, and out of Judah one who will have my mountains for a heritage: and the people I have taken to be mine will have it for themselves, and my servants will have their resting-place there.
καὶ ἐξ ἄζω τὸ ἐξ ἰακωβ σπέρμα καὶ τὸ ἐξ ἰουδα καὶ κληρονομήσει τὸ ὄρος τὸ ἅγιόν μου καὶ κληρονομήσουσιν οἱ ἐκλεκτοὶ μου καὶ οἱ δοῦλοί μου καὶ κατοικήσουσιν ἐκεῖ
- 10 Plenn Sawon an pral tounen yon jaden zèb pou mouton m' yo, pou moun k'ap sèvi m' yo. Mwen pral lonje bèf mwen yo, moun ki toujou ap chache fè volonte m' yo, nan fon Akò pou yo ka manje.
And Sharon will be a grass-land for the flocks, and the valley of Achor a resting-place for the herds: for my people whose hearts have been turned back to me.
καὶ ἔσονται ἐν τῷ δρυμῷ ἐπαύλεις ποιμνίων καὶ φάραγξ χωρ εἰς ἀνάπαυσιν βουκολίων τῷ λαῷ μου οἱ ἐξήτησάν με
- 11 ¶ Men pou nou menm ki vire do bay Seyè a, nou menm ki bliye mòn ki apa pou mwen an, epi ki al fè sèvis manje pou Gad, ki al fè ofran bwason pou Mini,
But as for you who have given up the Lord, who have no care for my holy mountain, who get ready a table for Chance, and make offerings of mixed wine to Fate;
ὕμεις δὲ οἱ ἐγκαταλιπόντες με καὶ ἐπιλανθάνομενοι τὸ ὄρος τὸ ἅγιόν μου καὶ ἐτοιμάζοντες τῷ δαίμονι τράπεζαν καὶ πληροῦντες τῇ τύχῃ κέρασμα
- 12 m'ap fè nou mouri nan lagè. Nou tout nou pral bese do nou pou yo koupe kou nou, paske mwen te rele nou, nou pa t' reponn. Mwen pale nou, nou pa t' koute m'. Nou fè sa ki mal devan je m', nou pito fè sa ki p'ap fè m' plezi.
Your fate will be the sword, and you will all go down to death: because when my voice came to you, you made no answer; you did not give ear to my word; but you did what was evil in my eyes, desiring what was not pleasing to me.
ἐγὼ παραδώσω ὑμᾶς εἰς μάχαιραν πάντες ἐν σφαγῇ πεσεῖσθε ὅτι ἐκάλεσα ὑμᾶς καὶ οὐχ ὑπήκούσατε ἐλάλησα καὶ παρηκούσατε καὶ ἐποιήσατε τὸ πονηρὸν ἐναντίον ἐμοῦ καὶ ἃ οὐκ ἐβουλόμην ἐξελεῖσθε
- 13 Se poutèt sa, men sa Seyè a di: -Moun k'ap sèvi m' yo va jwenn kont manje pou yo manje. Men nou menm n'a ret grangou. Sèvitè m' yo va jwenn kont pou yo bwè, nou menm n'ap ret swaf dlo.
Sèvitè m' yo va gen kè kontan; men nou menm n'a wont.
For this cause says the Lord God, My servants will have food, but you will be in need of food: my servants will have drink, but you will be dry: my servants will have joy, but you will be shamed:
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ οἱ δουλεύοντές μοι φάγονται ὑμεῖς δὲ πεινᾶσατε ἰδοὺ οἱ δουλεύοντές μοι πίνονται ὑμεῖς δὲ διψήσατε ἰδοὺ οἱ δουλεύοντές μοι εὐφρανθήσονται ὑμεῖς δὲ αἰσχυνθήσεσθε
- 14 Sèvitè m' yo va fè fèt tèlman y'a kontan, men nou menm n'a plenn, n'a gen kè sere, n'a rele, kè nou va kase.
My servants will make songs in the joy of their hearts, but you will be crying for sorrow, and making sounds of grief from a broken spirit.
ἰδοὺ οἱ δουλεύοντές μοι ἀγαλλιάσονται ἐν εὐφροσύνῃ ὑμεῖς δὲ κερράξεσθε διὰ τὸν πόνον τῆς καρδίας ὑμῶν καὶ ἀπὸ συντριβῆς πνεύματος ὀλοῦξετε
- 15 Moun mwen chwazi yo va sèvi ak non nou pou joure moun. Mwen menm Seyè a, m'a fè nou mouri. Y'a di: Se pou Seyè a touye ou tankou l' touye moun sa yo! Men, m'a bay sèvitè m' yo yon bon repitasyon.
And your name will become a curse to my people, and the Lord God will put you to death, and give his servants another name:
καταλείψετε γὰρ τὸ ὄνομα ὑμῶν εἰς πλησμονὴν τοῖς ἐκλεκτοῖς μου ὑμᾶς δὲ ἀνελεῖ κύριος τοῖς δὲ δουλεύουσιν αὐτῷ κληθήσεται ὄνομα καινόν
- 16 Tout moun nan peyi a ki bezwen benediksyon va jwenn benediksyon nan men Bondye ki toujou kenbe pawòl li a. Tout moun nan peyi a k'ap fè sèman va fè l' nan non Bondye k'ap toujou kenbe pawòl li a, paske moun yo p'ap chonje tray yo te konn pase nan tan lontan yo, m'ap bliye sa.
So that he who is requesting a blessing will make use of the name of the true God, and he who takes an oath will do so by the true God; because the past troubles are gone out of mind, and because they are covered from my eyes.
ὃ εὐλογηθήσεται ἐπὶ τῆς γῆς εὐλογήσουσιν γὰρ τὸν θεὸν τὸν ἀληθινὸν καὶ οἱ ὀμνύοντες ἐπὶ τῆς γῆς ὀμνύονται τὸν θεὸν τὸν ἀληθινὸν ἐπιλήσονται γὰρ τὴν θλίψιν αὐτῶν τὴν πρώτην καὶ οὐκ ἀναβήσεται αὐτῶν ἐπὶ τὴν καρδίαν
- 17 ¶ Mwen pral fè yon lòt syèl ak yon lòt tè. Pesonn p'ap chonje sa ki te pase nan tan lontan. Sa p'ap janm vin nan tèt yo ankò.
For see, I am making a new heaven and a new earth: and the past things will be gone completely out of mind.
ἔσται γὰρ ὁ οὐρανὸς καινὸς καὶ ἡ γῆ καινὴ καὶ οὐ μὴ μνησθῶσιν τῶν προτέρων οὐδ' οὐ μὴ ἐπέλθῃ αὐτῶν ἐπὶ τὴν καρδίαν

- 18 Sa m' pral fè a ap bay kè kontan, moun ap fè fèt san rete. Mwen pral fè yon lòt lavil Jerizalèm kote tout moun pral fè fèt. Moun li yo pral kontan.
But men will be glad and have joy for ever in what I am making; for I am making Jerusalem a delight, and her people a joy.
ἀλλ' εὐφροσύνην καὶ ἀγαλλίαμα εὐρήσουσιν ἐν αὐτῇ ὅτι ἰδοὺ ἐγὼ ποιῶ ἱερουσαλημ ἀγαλλίαμα καὶ τὸν λαόν μου εὐφροσύνην
- 19 Mwen menm m'ap fè fèt pou Jerizalèm, m'ap kontan pou pèp mwen an. P'ap gen kriye ankò nan lavil la! P'ap gen rele mande sekou ankò!
And I will be glad over Jerusalem, and have joy in my people: and the voice of weeping will no longer be sounding in her, or the voice of grief.
καὶ ἀγαλλιάσομαι ἐπὶ ἱερουσαλημ καὶ εὐφρανθήσομαι ἐπὶ τῷ λαῷ μου καὶ οὐκέτι μὴ ἀκουσθῆ ἔν αὐτῇ φωνὴ κλαυθμοῦ οὐδὲ φωνὴ κραυγῆς
- 20 Timoun p'ap mouri tou piti ankò! Granmoun ap fè tout tan yo! Pi bonnè pou yo mouri se va sou santan. Moun ki va rive gen santan anvan yo mouri, y'a mouri jenn! Moun ki va mouri anvan yo rive gen santan, se moun ki va gen madichon!
No longer will there be there a child whose days are cut short, or an old man whose days have not come to their full measure: for the young man at his death will be a hundred years old, and he whose life is shorter than a hundred years will seem as one cursed.
καὶ οὐ μὴ γένηται ἐκεῖ ἄωρος καὶ πρεσβύτης ὃς οὐκ ἐμπλήσει τὸν χρόνον αὐτοῦ ἔσται γὰρ ὁ νέος ἑκατὸν ἐτῶν ὁ δὲ ἀποθνήσκων ἁμαρτωλὸς ἑκατὸν ἐτῶν καὶ ἐπικατάρατος ἔσται
- 21 Moun va bati kay pou yo rete. Y'a plante jaden rezen pou yo manje rezen.
And they will be building houses and living in them; planting vine-gardens and getting the fruit of them.
καὶ οἰκοδομήσουσιν οἰκίας καὶ αὐτοὶ ἐνοικήσουσιν καὶ καταφυτεύσουσιν ἀμπελῶνας καὶ αὐτοὶ φάγονται τὰ γενήματα αὐτῶν
- 22 Yo p'ap bati kay ankò pou se lòt moun ki pou rete ladan yo. Yo p'ap plante jaden ankò pou se lòt moun ki pou manje l'. Pèp mwen an ap viv rive gen menm laj ak pyebwa. Pèp mwen chwazi a va jwi travay yo fè ak men yo kont kò yo.
They will no longer be building for the use of others, or planting for others to have the fruit: for the days of my people will be like the days of a tree, and my loved ones will have joy in full measure in the work of their hands.
καὶ οὐ μὴ οἰκοδομήσουσιν καὶ ἄλλοι ἐνοικήσουσιν καὶ οὐ μὴ φυτεύσουσιν καὶ ἄλλοι φάγονται κατὰ γὰρ τὰς ἡμέρας τοῦ ξύλου τῆς ζωῆς ἔσονται αἱ ἡμέραι τοῦ λαοῦ μου τὰ ἔργα τῶν πόνων αὐτῶν παλαίωσουσιν
- 23 Yo p'ap kraze kò yo travay pou bontan ankò! Travay yo va rapòte yo! Pitit yo p'ap konn sa ki rele malè ankò! M'ap beni yo ansanm ak pitit yo jouk sa kaba.
Their work will not be for nothing, and they will not give birth to children for destruction; for they are a seed to whom the Lord has given his blessing, and their offspring will be with them.
οἱ δὲ ἐκλεκτοὶ μου οὐ κοπιήσουσιν εἰς κενὸν οὐδὲ τεκνοποιήσουσιν εἰς κατάραν ὅτι σπέρμα ἠὲλογημένον ὑπὸ θεοῦ ἐστὶν καὶ τὰ ἔκγονα αὐτῶν μετ' αὐτῶν ἔσονται
- 24 Anvan menm yo fin lapriyè, m'ap gen tan reponn yo. Anvan menm yo fèmen bouch yo, m'ap gen tan ba yo sa yo mande a.
And before they make their request I will give an answer, and while they are still making prayer to me, I will give ear.
καὶ ἔσται πρὶν κεκράξαι αὐτοὺς ἐγὼ ἐπακούσομαι αὐτῶν ἔτι λαλούντων αὐτῶν ἔρω τί ἐστὶν
- 25 Chen mawon ak mouton pral manje ansanm. Lyon pral manje zèb menm jan ak bèf. Sèpan p'ap yon danje ankò pou pesonn. Sou tout mòn ki apa pou mwen an, p'ap gen mechanste, p'ap gen rayisab ankò. Se Seyè a menm ki di sa!
The wolf and the lamb will take their food together, and the lion will make a meal of grass like the ox: but dust will be the snake's food. There will be no cause of pain or destruction in all my holy mountain, says the Lord.
τότε λύκοι καὶ ἄρνες βοσκηθήσονται ἅμα καὶ λέων ὡς βοῦς φάγεται ἄχυρα ὄφεις δὲ γῆν ὡς ἄρτον οὐκ ἀδικήσουσιν οὐδὲ μὴ λυμανοῦνται ἐπὶ τῷ ὄρει τῷ ἁγίῳ μου λέγει κύριος
- 1 ¶ Men sa Seyè a di ankò: -Syèl la, se fòtèy kote mwen chita a. Tè a, se ti ban pou m' lonje pye m'. Ki kalite kay nou ta ka bati pou mwen? Ki kote nou ta ka ban mwen pou m' poze kò m'?
The Lord says, Heaven is the seat of my power, and earth is the resting-place for my feet: what sort of house will you make for me, and what place will be my resting-place?
οὕτως λέγει κύριος ὁ οὐρανὸς μοι θρόνος ἢ δὲ γῆ ὑποπόδιον τῶν ποδῶν μου ποῖον οἶκον οἰκοδομήσετέ μοι ἢ ποῖος τόπος τῆς καταπαύσεώς μου
- 2 Se mwen menm ki fè tout bagay sa yo ak men mwen. Se pou mwen yo tout ye! Se Seyè a menm ki di sa. Moun ki fè m' plezi se moun ki pa gen lògèy nan kè yo, se moun ki règrèt sa yo fè ki mal, se moun ki gen krentif pou mwen lè m' pale.
For all these things my hand has made, and they are mine, says the Lord; but to this man only will I give attention, to him who is poor and broken in spirit, fearing my word.
πάντα γὰρ ταῦτα ἐποίησεν ἡ χεὶρ μου καὶ ἐστὶν ἐμὰ πάντα ταῦτα λέγει κύριος καὶ ἐπὶ τίνα ἐπιβλέψω ἀλλ' ἢ ἐπὶ τὸν ταπεινὸν καὶ ἠσυχίον καὶ τρέμοντα τοῦς λόγους μου
- 3 Pèp la fè sa yo pito. Yo touye bèf pou mwen jòdi, denmen yo touye moun pou zidòl yo. Yo ofri ti mouton pou yo touye pou mwen jòdi, denmen yo kase kou chen pou zidòl. Yo fè ofrann grenn jaden yo jòdi pou mwen, denmen yo fè ofrann san kochon pou zidòl. Yo boule lansan sou lotèl mwen an pou m' pa janm bliye moun ki fè ofrann lan jòdi, denmen y'ap fè sèvis pou di Satan mèsi. Yo pran plezi nan fè zafè pa yo jan yo vle. Yo kontan fè vye bagay lèd y'ap fè yo.
He who puts an ox to death puts a man to death; he who makes an offering of a lamb puts a dog to death; he who makes a meal offering makes an offering of pig's blood; he who makes an offering of perfumes for a sign gives worship to an image: as they have gone after their desires, and their soul takes pleasure in their disgusting things;
ὁ δὲ ἄνομος ὁ θύων μοι μόσχον ὡς ὁ ἀποκτένων κύναν ὁ δὲ ἀναφέρων σερμίδαλιν ὡς αἷμα ὑεῖον ὁ διδοὺς λίβανον εἰς μνημόσυνον ὡς βλάσφημος καὶ οὗτοι ἐξελέξαντο τὰς ὁδοὺς αὐτῶν καὶ τὰ βδελύγματα τα αὐτῶν ἢ ἡ ψυχὴ αὐτῶν ἠθέλησεν

- 4 Mwen menm tou m'ap pran plezi m' aji ak yo menm jan yo aji a. M'ap fè malè yo pè rive yo a tonbe sou yo, paske mwen rele yo, pesonn pa reponn. Mwen pale yo, yo pa koute m'. Y'ap fè sa ki mal devan je m', yo pito fè sa ki p'ap fè m' plezi.
So I will go after trouble for them, and will send on them what they are fearing: because no one made answer to my voice, or gave ear to my word; but they did what was evil in my eyes, going after that in which I took no pleasure.
κάγω ἐκλέξομαι τὰ ἐμπαίγματα αὐτῶν καὶ τὰς ἀμαρτίας ἀνταποδώσω αὐτοῖς ὅτι ἐκάλεσα αὐτοὺς καὶ οὐχ ὑπήκουσάν μου ἐλάλησα καὶ οὐκ ἤκουσαν καὶ ἐποίησαν τὸ πονηρὸν ἐναντίον μου καὶ ἄ οὐκ ἐβουλόμην ἐξελέξαντο
- 5 ¶ Koute sa Seyè a di, nou menm ki gen krentif pou li lè li pale ak nou: Paske nou pa vire do ban mwen, gen moun menm ras ak nou ki pa vle wè nou, ki derefize mele ak nou. Y'ap di konsa: Se pou Seyè a fè wè pouwva li, paske yo ta renmen wè jan nou kontan. Men se yo menm k'ap soti wont.
Give ear to the word of the Lord, you who are in fear at his word: your countrymen, hating you, and driving you out because of my name, have said, Let the Lord's glory be made clear, so that we may see your joy; but they will be put to shame.
ἀκούσατε τὸ ῥῆμα κυρίου οἱ τρέμοντες τὸν λόγον αὐτοῦ εἶπατε ἀδελφοὶ ἡμῶν τοῖς μισοῦσιν ἡμᾶς καὶ βδελυσομένοις ἵνα τὸ ὄνομα κυρίου δοξασθῇ καὶ ὀφθῇ ἐν τῇ εὐφροσύνῃ αὐτῶν κάκεινοι αἰσχυνθῆσονται
- 6 Koute! Gwo bri nou tande k'ap fèt nan lavil la, gwo vwa nou tande k'ap pale nan tanp lan, se bri Seyè a k'ap tire revanj li sou lènmi l' yo.
There is a noise of war from the town, a sound from the Temple, the voice of the Lord giving punishment to his haters.
φωνὴ κραυγῆς ἐκ πόλεως φωνὴ ἐκ ναοῦ φωνὴ κυρίου ἀνταποδίδοντας ἀνταπόδοσιν τοῖς ἀντικειμένοις
- 7 Lavil Bondye a tankou yon fanm ki akouche anvan menm li gen tranche. Li gen tan fè yon ti gason anvan menm li santi doulè.
Before her pains came, she gave birth; before her pains, she gave birth to a man-child.
πρὶν ἢ τὴν ὀδίνουσαν τεκεῖν πρὶν ἐλθεῖν τὸν πόνον τῶν ὀδίνων ἐξέφυγεν καὶ ἔτεκεν ἄρσεν
- 8 Ki moun ki janm tande koze konsa? Ki moun ki janm wè bagay konsa? Eske yon sèl jou kont pou fè tout yon nasyon? Eske lapoula yo ka fè tout yon nasyon? Mòn Siyon an p'ap soufri anpil anvan nasyon an fèt.
When has such a story come to men's ears? who has seen such things? will a land come to birth in one day? will a nation be given birth in a minute? For when Zion's pains came on her, she gave birth to her children straight away.
τίς ἤκουσεν τοιοῦτο καὶ τίς ἐώρακεν οὕτως ἢ ὄδινεν γῆ ἐν μιᾷ ἡμέρᾳ ἢ καὶ ἐτέχθη ἔθνος εἰς ἅπαξ ὅτι ὄδινεν καὶ ἔτεκεν σίων τὰ παιδιά αὐτῆς
- 9 Eske mwen ka fè yon fanm kase lèzo, lèfini pou m' pa kite l' akouche? Eske mwen ka fè pitit la rive sou jou l' lèfini pou m' pa kite l' fèt? Se Bondye ou la menm ki di sa!
Will I by whom the birth was started, not make it complete? says the Lord. Will I who make children come to birth, let them be kept back? says your God.
ἐγὼ δὲ ἔδωκα τὴν προσδοκίαν ταύτην καὶ οὐκ ἐμνήθησέν μου εἶπεν κύριος οὐκ ἰδοὺ ἐγὼ γεννώσαν καὶ στεῖραν ἐποίησα εἶπεν ὁ θεός
- 10 Fè kè nou kontan ansanm ak lavil Jerizalèm. Fè fèt pou li, nou tout ki renmen l'! Se pou nou kontan ansanm avè l' koulye a, nou menm ki te nan lapenn pou li!
Have joy with Jerusalem, and be glad with her, all you her lovers: take part in her joy, all you who are sorrowing for her:
εὐφράνθητι ἱερουσαλημ καὶ πανηγυρίσατε ἐν αὐτῇ πάντες οἱ ἀγαπῶντες αὐτήν χάρητε χαρᾷ πάντες ὅσοι πενθεῖτε ἐπ' αὐτῆς
- 11 Tankou yon ti bebe k'ap tete manman l' jouk vant li plen, tankou yon ti bebe k'ap kontan souse lèt manman l', nou pral jwenn pa nou nan bèl bagay m'ap fè pou lavil Jerizalèm.
So that you may take of the comfort flowing from her breasts, and be delighted with the full measure of her glory.
ἵνα θηλάσητε καὶ ἐμπλησθῆτε ἀπὸ μαστοῦ παρακλήσεως αὐτῆς ἵνα ἐκθηλάσαντες τρωφήσητε ἀπὸ εισόδου δόξης αὐτῆς
- 12 Paske, men sa Seyè a di: -Mwen pral ba li kè poze san rete. Richès nasyon yo pral kouvri l' tankou lè inondasyon dlo kouvri latè. Nou pral tankou ti bebe pou li: l'ap ban nou tete, l'a pote nou nan bra li, l'a mete nou sou jenou l' pou li jwe ak nou.
For the Lord says, See, I will make her peace like a river, and the glory of the nations like an overflowing stream, and she will take her children in her arms, gently caring for them on her knees.
ὅτι τότε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐκκλίνω εἰς αὐτοὺς ὡς ποταμὸς εἰρήνης καὶ ὡς χειμάρρους ἐπικλύζων δόξαν ἔθνων τὰ παιδιά αὐτῶν ἐπ' ὤμων ἄρθήσονται καὶ ἐπὶ γονάτων παρακληθήσονται
- 13 Menm jan yon manman konsole pitit li, se konsa m'ap konsole nou nan lavil Jerizalèm.
As to one who is comforted by his mother, so will I give you comfort: and you will be comforted in Jerusalem.
ὡς εἴ τινα μήτηρ παρακαλεῖται οὕτως καὶ ἐγὼ παρακαλέσω ὑμᾶς καὶ ἐν ἱερουσαλημ παρακληθήσεσθε
- 14 Lè n'a wè sa, kè nou va kontan: sa va ban nou fòs ak kouraj ankò. Lè sa a, n'a konnen mwen menm, Seyè a, m'ap pwoteje sèvitè m' yo, men lènmi m' yo va konnen jan m' konn fache.
And you will see it and your heart will be glad, and your bones will get new strength, like young grass: and the hand of the Lord will be seen at work for his servants, and his wrath against his haters.
καὶ ὄψεσθε καὶ χαρήσεται ὑμῶν ἡ καρδία καὶ τὰ ὀστά ὑμῶν ὡς βοτάνη ἀνατελεῖ καὶ γνώσθησεται ἡ χεὶρ κυρίου τοῖς σεβομένοις αὐτόν καὶ ἀπειλήσει τοῖς ἀπειθοῦσιν

- 15 ¶ Seyè a ap vin nan yon gwo dife. Li moute sou nwaj yon gwo tanpèt pou l' vin pini moun ki te fè l' fache yo, pou l' regle yo jan li te di l'ap regle yo a nan yon gwo boukan dife.
For the Lord is coming with fire, and his war-carriages will be like the storm-wind; to give punishment in the heat of his wrath, and his passion is like flames of fire.
ἰδοὺ γὰρ κύριος ὡς πῦρ ἤξει καὶ ὡς καταίγῃς τὰ ἄρματα αὐτοῦ ἀποδοῦναι ἐν θυμῷ ἐκδίκησιν καὶ ἀποσκορακισμὸν ἐν φλογὶ πυρός
- 16 Se avèk dife Seyè a pral jije, avèk nepe l' li pral regle tout moun ki koupab yo. Anpil moun pral mouri anba men l'.
For with fire and sword will the Lord come, judging all the earth, and his sword will be on all flesh: and great numbers will be put to death by him.
ἐν γὰρ τῷ πυρὶ κυρίου κριθήσεται πᾶσα ἡ γῆ καὶ ἐν τῇ ῥομφαίᾳ αὐτοῦ πᾶσα σὰρξ πολλοὶ τραυματῖαι ἔσονται ὑπὸ κυρίου
- 17 Seyè a di ankò: -Talè konsa sa pral fini pou moun k'ap fè sèvis pou mete kò yo nan bon kondisyon anvan y'a l' fè pwosesyon pou zidòl nan jaden yo, pou moun k'ap manje vyann kochon, vyann sourit ak lòt kalite manje ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye.
As for those who keep themselves separate, and make themselves clean in the gardens, going after one in the middle, taking pig's flesh for food, and other disgusting things, such as the mouse: their works and their thoughts will come to an end together, says the Lord.
οἱ ἀγνιζόμενοι καὶ καθαριζόμενοι εἰς τοὺς κήπους καὶ ἐν τοῖς προθύροις ἔσθοντες κρέας ὕειον καὶ τὰ βδελύγματα καὶ τὸν νῦν ἐπὶ τὸ αὐτὸ ἀναλωθήσονται εἶπεν κύριος
- 18 Mwen konnen sa y'ap fè, mwen konnen sa ki nan lide yo. Mwen menm, m'ap vin sanble pèp tout nasyon yo, pèp ki pale tout kalite lang sou latè. Y'a vini, y'a wè bèl pouvwa mwen.
And I am coming to get together all nations and tongues: and they will come and will see my glory.
κἀγὼ τὰ ἔργα αὐτῶν καὶ τὸν λογισμὸν αὐτῶν ἐπίσταμαι ἔρχομαι συναγαγεῖν πάντα τὰ ἔθνη καὶ τὰς γλώσσας καὶ ἤξουσιν καὶ ὄψονται τὴν δόξαν μου
- 7 Ata zwezo yo rele sigòy yo konnen lè pou yo tounen lakay yo. Menm toutrèl, ziwondèl ak valèt, yo konnen lè pou yo vwayaje tounen. Men, nou menm pèp mwen an, nou pa konnen regleman mwen ban nou pou nou swiv yo.
Truly, the stork in the heavens is conscious of her fixed times; the dove and the swallow and the crane keep to the times of their coming; but my people have no knowledge of the law of the Lord.
καὶ ἡ ασιδα ἐν τῷ οὐρανῷ ἔγνω τὸν καιρὸν αὐτῆς τρυγῶν καὶ χελιδὼν ἀγροῦ στρουθία ἐφύλαξαν καιροὺς εισόδων αὐτῶν ὁ δὲ λαός μου οὐκ ἔγνω τὰ κρίματα κυρίου
- 8 Ki jan nou ka fè di nou gen bon konprann, lalwa Seyè a avèk nou? Men dirèktè lalwa yo, se yon bann malonèt. Avèk bèl pawòl yo, yo fè l' di sa li pa di.
How is it that you say, We are wise and the law of the Lord is with us? But see, the false pen of the scribes has made it false.
πῶς ἐρεῖτε ὅτι σοφοὶ ἔσμεν ἡμεῖς καὶ νόμος κυρίου ἔστιν μεθ' ἡμῶν εἰς μάτην ἐγενήθη σχοῖνος ψευδοῦς γραμματεῦσιν
- 9 Nou fè moun ki gen bon konprann yo wont. Yo kraponnen, yo kite moun pran tèt yo. Yo voye pawòl Seyè a jete. Kote bon konprann yo koulye a?
The wise men are shamed, they are overcome with fear and taken: see, they have given up the word of the Lord; and what use is their wisdom to them?
ἡσχύνθησαν σοφοὶ καὶ ἐπτοήθησαν καὶ ἔάλωσαν ὅτι τὸν λόγον κυρίου ἀπεδοκίμασαν σοφία τίς ἔστιν ἐν αὐτοῖς
- 10 Se poutèt sa m'ap pran madanm yo bay lòt moun. M'ap pran jaden yo bay moun k'ap anvayi peyi yo a. Paske yo tout, gran kou piti, ap fè akrekè dèyè lajan. Ni pwofèt yo, ni prèt yo, yo tout ap twonpe pèp la pou fè lajan.
So I will give their wives to others, and their fields to those who will take them for themselves: for everyone, from the least to the greatest, is given up to getting money; from the priest even to the prophet, everyone is false.
διὰ τοῦτο δώσω τὰς γυναῖκας αὐτῶν ἑτέροις καὶ τοὺς ἀγροὺς αὐτῶν τοῖς κληρονόμοις
- 13 ¶ Mwen te sot pou m' te ranmase pèp mwen an tankou moun k'ap ranmase rekòt li. Men, yo te tankou pye rezen san yon rezen ladan l', tankou pye fig frans san yon fig frans ladan l'. Se poutèt sa m' kite etranje pran peyi a nan men yo.
I will put an end to them completely, says the Lord: there are no grapes on the vine and no figs on the fig-tree, and the leaf is dry.
καὶ συνάξουσιν τὰ γενήματα αὐτῶν λέγει κύριος οὐκ ἔστιν σταφυλὴ ἐν ταῖς ἀμπέλοις καὶ οὐκ ἔστιν σῦκα ἐν ταῖς συκαῖς καὶ τὰ φύλλα καταρρήκεν

- 14 Pèp la menm ap di: -Poukisa nou rete bra kwaze konsa? Annou sanble! Ann kouri ale nan lavil ki gen ranpa yo! Se la pou nou mouri. Paske Seyè a, Bondye nou an, kondannen nou pou n' mouri. Li ban nou pwazon pou n' bwè, paske nou antò devan li.
Why are we seated doing nothing? come together, and let us go to the walled towns, and let destruction overtake us there, for the Lord our God has sent destruction on us, and given us bitter water for our drink, because we have done evil against the Lord.
ἐπὶ τί ἡμεῖς καθήμεθα συνάχθητε καὶ εισέλθωμεν εἰς τὰς πόλεις τὰς ὄχυράς καὶ ἀπορριφώμεν ὅτι ὁ θεὸς ἀπέρριψεν ἡμᾶς καὶ ἐπότισεν ἡμᾶς ὕδωρ χολῆς ὅτι ἡμάρτομεν ἐναντίον αὐτοῦ
- 15 Nou t'ap tann li ban nou kè poze ak lasante. Men anyen pa mache. Nou t'ap tann li vin geri nou, men se pè l'ap fè nou pè.
We were looking for peace, but no good came; and for a time of well-being, but there is only a great fear.
συνήχθημεν εἰς εἰρήνην καὶ οὐκ ἦν ἀγαθὰ εἰς καιρὸν ἰάσεως καὶ ἰδοὺ σπουδὴ
- 16 Lènmi deja rive nan zòn lavil Dann lan. Nou tande souf chwal yo. Tout tè a ap tranble lè chwal yo ap ranni. Lènmi an ap vini, l'ap detwi peyi a ansanm ak tou sa ki ladan l'. L'ap kraze lavil yo ansanm ak tout moun ki ladan yo.
The loud breathing of the horses comes to our ears from Dan: at the sound of the outcry of his war-horses, all the land is shaking with fear; for they have come, and have made a meal of the land and everything in it; the town and the people living in it.
ἐκ δαν ἀκουσόμεθα φωνὴν ὀξύτητος ἵππων αὐτοῦ ἀπὸ φωνῆς χρεμετισμοῦ ἵππασίας ἵππων αὐτοῦ ἐσεισθή πᾶσα ἡ γῆ καὶ ἤξει καὶ καταφάγεται τὴν γῆν καὶ τὸ πλήρωμα αὐτῆς πόλιν καὶ τοὺς κατοικοῦντας ἐν αὐτῇ
- 17 Seyè a di ankò: -Men m'ap lage sèpan dèyè nou, move sèpan nou p'ap ka chame. Y'ap mòde nou.
See, I will send snakes and poison-snakes among you, against which the wonder-worker has no power; and they will give you wounds which may not be made well, says the Lord.
διότι ἰδοὺ ἐγὼ ἐξαποστέλλω εἰς ὑμᾶς ὄφεις θανατοῦντας οἷς οὐκ ἔστιν ἐπᾶσαι καὶ δῆξονται ὑμᾶς
- 18 Anyen pa ka soulaje lapenn mwen! Kè m' ap fann!
Sorrow has come on me! my heart in me is feeble.
ἀνίατα μετ' ὀδύνης καρδίας ὑμῶν ἀπορουμένης
- 19 Kouste jan pèp mwen an ap rele mande sekou toupatou nan peyi a. Gen lè Seyè a pa sou mòn Siyon an ankò? Gen lè wa Siyon an pa la ankò? Seyè a reponn: -Poukisa nou fè m' fache konsa? N'ap sèvi zidòl, n'ap fè sèvis pou bondye lòt nasyon yo ki pa vo anyen.
The voice of the cry of the daughter of my people comes from a far land: Is the Lord not in Zion? is not her King in her? Why have they made me angry with their images and their strange gods which are no gods?
ἰδοὺ φωνὴ κραυγῆς θυγατρὸς λαοῦ μου ἀπὸ γῆς μακρόθεν μὴ κύριος οὐκ ἔστιν ἐν σιων ἢ βασιλεὺς οὐκ ἔστιν ἐκεῖ διὰ τί παρώργισάν με ἐν τοῖς γλυπτοῖς αὐτῶν καὶ ἐν ματαίοις ἀλλοτριόις
- 20 Pèp la ap rele: -Sezon chalè a fini. Sezon rekòt la pase. Nou pa sove jouk koulye a!
The grain-cutting is past, the summer is ended, and no salvation has come to us.
διήλθεν θέρος παρήλθεν ἄμητος καὶ ἡμεῖς οὐ διεσώθημεν
- 21 Kè m' ap fann lè m' wè jan y'ap kraze pèp mwen an. M' pa wè sa pou m' fè ankò! M' dekouraje nèt.
For the destruction of the daughter of my people I am broken: I am dressed in the clothing of grief; fear has taken me in its grip.
ἐπὶ συντρίμματι θυγατρὸς λαοῦ μου ἐσκοτώθην ἀπορία κατίσχυσάν με ὠδίνες ὡς τικτούσης
- 22 Pa gen renmèd pou yo nan peyi Galarad? Pa gen dòktè ankò laba a? Poukisa atò pèp mwen an pa ka jwenn lasante?
Is there no life-giving oil in Gilead? is there no expert in medical arts? why then have my people not been made well?
μὴ ῥητήν οὐκ ἔστιν ἐν γαλααδ ἢ ἱατρὸς οὐκ ἔστιν ἐκεῖ διὰ τί οὐκ ἀνέβη ἴασις θυγατρὸς λαοῦ μου
- 1 ¶ Jan mwen ta renmen wè tèt mwen tounen yon sous dlo, de je m' yo tounen de fontenn k'ap bay dlo, pou m' kriye lajounen kou lannwit, pou moun yo touye nan pèp mwen an!
If only my head was a stream of waters and my eyes fountains of weeping, so that I might go on weeping day and night for the dead of the daughter of my people!
τίς δόμη μοι ἐν τῇ ἐρήμῳ σταθμὸν ἔστατον καὶ καταλείψω τὸν λαόν μου καὶ ἀπελεύσομαι ἀπ' αὐτῶν ὅτι πάντες μοιχῶνται σύνδοδος ἀθετούντων
- 2 Jan mwen ta renmen jwenn yon ti kote pou m' rete nan mitan dezè a, pou m' manyè kite pèp mwen an, pou m' al byen lwen yo. Yo yonn pa kenbe pawòl yo ak Bondye. Se yon bann trèt yo ye.
If only I had in the waste land a night's resting-place for travellers, so that I might go away, far from my people! for they are all untrue, a band of false men.
καὶ ἐνέτειναν τὴν γλῶσσαν αὐτῶν ὡς τόξον ψευδὸς καὶ οὐ πίστις ἐνίσχυσεν ἐπὶ τῆς γῆς ὅτι ἐκ κακῶν εἰς κακὰ ἐξήλθοσαν καὶ ἐμὲ οὐκ ἔγνωσαν
- 3 Yo toujou pare pou bay manti. Se metye yo sa. Se sa ki penmèt yo rive vin chèf nan peyi a. Y'ap fè dezaksyon sou dezaksyon. Yo pa konnen m' ankò. Se Seyè a menm ki di sa.
Their tongues are bent like a bow to send out false words: they have become strong in the land, but not for good faith: they go on from evil to evil, and they have no knowledge of me, says the Lord.
ἐκαστος ἀπὸ τοῦ πλησίον αὐτοῦ φυλάξασθε καὶ ἐπ' ἀδελφοῖς αὐτῶν μὴ πεποιθατε ὅτι πᾶς ἀδελφὸς πτέρνῃ πτερνιεῖ καὶ πᾶς φίλος δολίως πορεύσεται

- 4 Se pou tout moun veye kò yo ak zanmi yo. Pesonn pa ka fè frè yo konfyans. Paske tout frè vle pase devan pwòp frè yo. Tout moun ap bay zanmi yo kout lang.
Let everyone keep watch on his neighbour, and put no faith in any brother: for every brother will certainly be tricking his brother, and every neighbour will go about saying evil.
ἕκαστος κατὰ τοῦ φίλου αὐτοῦ καταπαίξεται ἀλήθειαν οὐ μὴ λαλήσωσιν μεμάθηκεν ἢ γλώσσα αὐτῶν λαλεῖν ψευδῆ ἠδίκησαν καὶ οὐ διέλιπον τοῦ ἐπιστρέψαι
- 5 Yo tout ap woule zanmi yo. Pesonn pa di laverite. Y'ap file lang yo pou bay manti. Y'ap touye tèt yo nan fè mechanste.
Everyone will make sport of his neighbour with deceit, not saying what is true: their tongues have been trained to say false words; they are twisted, hating to come back.
τόκος ἐπὶ τόκῳ δόλος ἐπὶ δόλῳ οὐκ ἤθελον εἰδέναί με
- 6 Y'ap fè britalite sou britalite. Y'ap twonpe moun yonn deyè lòt. Yo derefize rekonèt mwen. Se Seyè a menm ki di sa.
There is wrong on wrong, deceit on deceit; they have given up the knowledge of me, says the Lord.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ πυρώσω αὐτοὺς καὶ δοκιμῶ αὐτούς ὅτι ποιήσω ἀπὸ προσώπου πονηρίας θυγατρὸς λαοῦ μου
- 7 Se poutèt sa, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: -Mwen pral pase yo nan dife pou m' netwaye yo tankou yo fè l' pou lò. Mwen pral sonde yo. Pèp mwen an fè twòp mechanste. Pou jan yo fè mechanste, se sa m' bliye m' p'ap fè yo.
So the Lord of armies has said, See, I will make them soft in the fire and put them to the test; this I will do because of their evil-doing.
βολὴς τιτρώσκουσα ἢ γλώσσα αὐτῶν δόλια τὰ ῥήματα τοῦ στόματος αὐτῶν τῷ πλησίον αὐτοῦ λαλεῖ εἰρηνικὰ καὶ ἐν ἑαυτῷ ἔχει τὴν ἐχθραν
- 8 Lang yo tankou ponya wouye. Se manti ase ki nan bouch yo. Lè y'ap pale ak zanmi yo, se bèl pawòl ase ki nan bouch yo. Men nan kè yo, se pèlen y'ap pare pou yo.
His tongue is an arrow causing death; the words of his mouth are deceit: he says words of peace to his neighbour, but in his heart he is waiting secretly for him.
μὴ ἐπὶ τοῦτοις οὐκ ἐπισκέψομαι λέγει κύριος ἢ ἐν λαῷ τῷ τοιοῦτῳ οὐκ ἐκδικήσει ἢ ψυχὴ μου
- 9 Atò pou m' pa ta pini yo pou tout bagay sa yo? Atò pou m' pa ta pran revanj mwen sou yon nasyon konsa? Se Seyè a menm ki di sa.
Am I not to send punishment for these things? says the Lord: will not my soul take payment from such a nation as this?
ἐπὶ τὰ ὄρη λάβετε κοπετὸν καὶ ἐπὶ τὰς τρίβους τῆς ἐρήμου θρήνον ὅτι ἐξέλιπον παρὰ τὸ μὴ εἶναι ἀνθρώπους οὐκ ἤκουσαν φωνὴν ὑπάρξεως ἀπὸ πετεινῶν τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἕως κτηνῶν ἐξέστησαν ὄχο ντο
- 10 Mwen di: -Mwen pral kriye, mwen pral plenn pou mòn yo, mwen pral plenn sò patiraj bèt yo. Paske yo fin boule. Pesonn pa pase la ankò. Ou pa tande bri yon bèt ladan yo. Depi zwezo k'ap vole nan syèl la jouk bèt nan bwa, tout met deyò, y' ale.
Give yourselves to weeping, crying out in sorrow for the mountains; and for the fields of the waste land send up a song of grief, because they are burned up, so that no one goes through; there is no sound of cattle; the bird of the heavens and the beast are in flight and are gone.
καὶ δώσω τὴν ἱερουσαλήμ εἰς μετοικίαν καὶ εἰς κατοικητήριον δρακόντων καὶ τὰς πόλεις ἰουδα εἰς ἀφανισμόν θήσομαι παρὰ τὸ μὴ κατοικεῖσθαι
- 11 M'ap fè lavil Jerizalèm tounen yon pil mazi kote chat mawon rete. M'ap fè tout lavil peyi Jida yo tounen dezè san pesonn ladan yo.
And I will make Jerusalem a mass of broken stones, the living-place of jackals; and I will make the towns of Judah a waste, with no man living there.
τίς ὁ ἄνθρωπος ὁ συνετός καὶ συνέτω τοῦτο καὶ ὃ λόγος στόματος κυρίου πρὸς αὐτόν ἀναγγελάτω ὑμῖν ἕνεκεν τίνος ἀπόλετο ἡ γῆ ἀνήφθη ὡς ἔρημος παρὰ τὸ μὴ διδοεῦσθαι αὐτὴν
- 12 ¶ Mwen mande ki moun gen lespri ase pou konprann sa k'ap rive la a? Ki moun Seyè a te esplike bagay sa yo? Se pou l' fè moun konnen poukisa peyi a fini konsa, poukisa li boule tankou dezè a, poukisa pa gen pesonn ladan l' ankò.
Who is the wise man able to see this? who is he to whom the word of the Lord has come, so that he may make it clear? why is the land given to destruction and burned up like a waste place, so that no one goes through?
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με διὰ τὸ ἐγκαταλιπεῖν αὐτοὺς τὸν νόμον μου ὃν ἔδωκα πρὸ προσώπου αὐτῶν καὶ οὐκ ἤκουσαν τῆς φωνῆς μου
- 13 Seyè a reponn mwen: -Sa rive konsa paske pèp mwen an pa kenbe tou sa mwen te moutre yo. Yo pa koute m'. Yo pa fè sa m' te di yo fè.
And the Lord said, Because they have given up my law which I put before them, giving no attention to my voice and not being guided by it;
ἀλλ' ἐπορεύθησαν ὀπίσω τῶν ἀρεστῶν τῆς καρδίας αὐτῶν τῆς κακῆς καὶ ὀπίσω τῶν εἰδώλων ἃ ἐδίδασξαν αὐτοὺς οἱ πατέρες αὐτῶν
- 14 Yo fè tèt di pi rèd, yo rete ap sèvi zidòl Baal zansèt yo te fè yo konnen an.
But they have been walking in the pride of their hearts, going after the Baals, as their fathers gave them teaching.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραὴλ ἰδοὺ ἐγὼ ψωμιῶ αὐτοὺς ἀνάγκας καὶ ποτιῶ αὐτοὺς ὕδωρ χολῆς
- 15 Se poutèt sa, men sa mwen menm, Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, m' di: Mwen pral ba yo zèb anmè pou yo manje, mwen pral ba yo dlo anpwazonnen pou yo bwè.
So the Lord of armies, the God of Israel, has said, I will give them, even this people, bitter plants for food and bitter water for drink.
καὶ διασκορπιῶ αὐτοὺς ἐν τοῖς ἔθνεσιν εἰς οὓς οὐκ ἐγίνωσκον αὐτοὶ καὶ οἱ πατέρες αὐτῶν καὶ ἐπαποστελῶ ἐπ' αὐτοὺς τὴν μάχαιραν ἕως τοῦ ἐξαναλώσαι αὐτοὺς ἐν αὐτῇ

- 16 Mwen pral gaye yo nan mitan yon bann nasyon ni yo menm ni zansèt yo pa t' janm konnen. Mwen pral voye lènmi fè yo lagè jouk mwen fin touye yo nèt.
And I will send them wandering among the nations, among people strange to them and to their fathers: and I will send the sword after them till I have put an end to them.
τάδε λέγει κύριος καλέσατε τὰς θρηνοῦσας καὶ ἐλθέτωσαν καὶ πρὸς τὰς σοφὰς ἀποστείλατε καὶ φθεγγάσθωσαν
- 17 Men sa Seyè a di ankò: -Kalkile sou sa ki gen pou rive a! Rele medam yo pou yo vin kenbe rèl la pou nou! Voye chache sa ki konn rele yo! Fè yo vini!
This is what the Lord of armies has said: Take thought and send for the weeping women, so that they may come; and send for the wise women, so that they may come:
καὶ λαβέτωσαν ἐφ' ὑμᾶς θρῆνον καὶ καταγαγέτωσαν οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν δάκρυα καὶ τὰ βλέφαρα ὑμῶν ρεῖτω ὕδωρ
- 18 Pèp la di: Di yo fè vit vin plenn sò nou! Annou kriye, annou fè je nou kouri dlo!
Let them quickly make cries of sorrow for us, so that drops may be flowing from our eyes till they are streaming with water.
ὅτι φωνὴ οἴκτου ἠκούσθη ἐν σιων πῶς ἐταλαιπωρήσαμεν κατησχύνθημεν σφόδρα ὅτι ἐγκατελίπομεν τὴν γῆν καὶ ἀπερρίψαμεν τὰ σκηνώματα ἡμῶν
- 19 Tande rèl moun yo sou mòn Siyon an. -Woy! Woy! Gade jan nou fini! Ala wont nou wont! Se pou nou kite peyi nou an! Yo kraze tout kay nou yo.
For a sound of weeping goes up from Zion, a cry, How has destruction come on us? we are overcome with shame because we have gone away from our land; he has sent us out from our house.
ἀκούσατε δὴ γυναῖκες λόγον θεοῦ καὶ δεξάσθω τὰ ὅτα ὑμῶν λόγους στόματος αὐτοῦ καὶ διδάξατε τὰς θυγατέρας ὑμῶν οἴκτον καὶ γυνὴ τὴν πλησίον αὐτῆς θρῆνον
- 20 Mwen di: -Nou menm medam, koute sa Seyè a ap di. Louvri zòrèy nou pou nou tande pawòl k'ap soti nan bouch li. Moutre pitit fi nou yo jan pou yo plenn. Y'a moutre zanmi fi yo jan pou yo rele.
But even now, give ear to the word of the Lord, O you women; let your ears be open to the word of his mouth, training your daughters to give cries of sorrow, everyone teaching her neighbour a song of grief.
ὅτι ἀνέβη θάνατος διὰ τῶν θυρίδων ὑμῶν εἰσῆλθεν εἰς τὴν γῆν ὑμῶν τοῦ ἐκτρίψαι νήπια ἔξωθεν καὶ νεανίσκους ἀπὸ τῶν πλατειῶν
- 21 Lanmò ap pase nan fennèt yo. L'ap antre nan gwo bèl kay nou yo. Li pase men l' pran timoun nan lari, ak jenn gason sou plas mache yo.
For death has come up into our windows, forcing its way into our great houses; cutting off the children in the streets and the young men in the wide places.
καὶ ἔσονται οἱ νεκροὶ τῶν ἀνθρώπων εἰς παράδειγμα ἐπὶ προσώπου τοῦ πεδίου τῆς γῆς ὑμῶν καὶ ὡς χόρτος ὀπίσω θερίζοντος καὶ οὐκ ἔσται ὁ συνάγων
- 22 Seyè a di: -Kadav yo gaye toupatou, tankou fimye yo simen nan jaden, tankou grap diri moun k'ap ranmase rekòt yo kite atè. Pa gen pesonn pou ranmase yo.
The bodies of men will be falling like waste on the open fields, and like grain dropped by the grain-cutter, and no one will take them up.
τάδε λέγει κύριος μὴ καυχᾶσθω ὁ σοφὸς ἐν τῇ σοφίᾳ αὐτοῦ καὶ μὴ καυχᾶσθω ὁ ἰσχυρὸς ἐν τῇ ἰσχύι αὐτοῦ καὶ μὴ καυχᾶσθω ὁ πλούσιος ἐν τῷ πλούτῳ αὐτοῦ
- 23 ¶ Piga moun ki gen lespri yo fè grandizè dèske yo gen bon konprann, ni moun ki vanyan yo dèske yo vanyan, ni moun rich yo dèske yo rich.
This is the word of the Lord: Let not the wise man take pride in his wisdom, or the strong man in his strength, or the man of wealth in his wealth:
ἀλλ' ἢ ἐν τούτῳ καυχᾶσθω ὁ καυχώμενος συνίειν καὶ γινώσκειν ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ποιῶν ἔλεος καὶ κρίμα καὶ δικαιοσύνην ἐπὶ τῆς γῆς ὅτι ἐν τούτοις τὸ θέλημά μου λέγει κύριος
- 24 Men si yon moun vle fè grandizè, l'a fè grandizè dèske li konnen m', dèske li konprann mwen. Paske mwen gen bon kè, Mwen fè sa ki dwat ak sa ki kòrèk sou latè. Se bagay sa yo ki fè m' plezi. Se mwen Seyè a ki di sa.
But if any man has pride, let it be in this, that he has the wisdom to have knowledge of me, that I am the Lord, working mercy, giving true decisions, and doing righteousness in the earth: for in these things I have delight, says the Lord.
ἰδοὺ ἡμέραι ἔρχονται λέγει κύριος καὶ ἐπισκέψομαι ἐπὶ πάντας περιτετημένους ἀκροβυστίας αὐτῶν
- 25 Seyè a di ankò: -Yon jou pral rive kote mwen pral regle moun ki pote mak kontra m' lan sou kò yo, men ki pa konnen m' nan kè yo:
See, the day is coming, says the Lord, when I will send punishment on all those who have circumcision in the flesh;
ἐπ' αἴγυπτον καὶ ἐπὶ τὴν ἰουδαίαν καὶ ἐπὶ ἐδωμ καὶ ἐπὶ υἱοὺς αμμων καὶ ἐπὶ υἱοὺς μοαβ καὶ ἐπὶ πάντα περικειρόμενον τὰ κατὰ πρόσωπον αὐτοῦ τοὺς κατοικοῦντας ἐν τῇ ἐρήμῳ ὅτι πάντα τὰ ἔθνη ἀπερίτμητα σαρκὶ καὶ πᾶς οἶκος ἰσραὴλ ἀπερίτμητοι καρδίας αὐτῶν
- 1 ¶ Men, koute sa Seyè a di sou nou, nou menm moun pèp Izrayèl yo.
Give ear to the word which the Lord says to you, O people of Israel:
ἀκούσατε τὸν λόγον κυρίου ὃν ἐλάλησεν ἐφ' ὑμᾶς οἶκος ἰσραὴλ.
- 2 Li di konsa: -Piga nou swiv lòt nasyon yo. Nou pa bezwen pèdi tèt nou lè nou wè siy nan syèl la. Se moun lòt nasyon yo ki pou pè lè konsa.
This is what the Lord has said: Do not go in the way of the nations; have no fear of the signs of heaven, for the nations go in fear of them.
τάδε λέγει κύριος κατὰ τὰς ὁδοὺς τῶν ἐθνῶν μὴ μανθάνετε καὶ ἀπὸ τῶν σημείων τοῦ οὐρανοῦ μὴ φοβείσθε ὅτι φοβοῦνται αὐτὰ τοῖς προσώποις αὐτῶν
- 3 Relijyon moun sa yo pa vo anyen. Yo koupe yon pyebwa nan rakbwa, yo fè yon bòs atizan travay li ak sizo.
For that which is feared by the people is foolish: it is the work of the hands of the workman; for a tree is cut down by him out of the woods with his axe.
ὅτι τὰ νόμιμα τῶν ἐθνῶν μάταια ξύλον ἐστὶν ἐκ τοῦ δρυμοῦ ἐκκεκομμένον ἔργον τέκτονος καὶ χώνευμα

- 4 Yo dekore l' ak ajan, ak lò. Yo pran mato ak klou yo kloure l' pou fè l' kanpe pou l' pa tonbe.
They make it beautiful with silver and gold; they make it strong with nails and hammers, so that it may not be moved.
ἀργυρίῳ καὶ χρυσίῳ κεκαλλωπισμένα ἐστὶν ἐν σφύραις καὶ ἤλοις ἐστερέωσαν αὐτὰ καὶ οὐ κινήσονται
- 5 Bondye sa yo kanpe tankou pikèt nan jaden konkonm. Yo pa ka pale. Se pote pou yo pote yo, paske yo pa ka mache. Nou pa bezwen pè yo, yo pa ka fè anyen ni an byen ni an mal.
It is like a pillar in a garden of plants, and has no voice: it has to be lifted, for it has no power of walking. Have no fear of it; for it has no power of doing evil and it is not able to do any good.
αἰρόμενα ἀρθήσονται ὅτι οὐκ ἐπιβήσονται μὴ φοβηθῆτε αὐτὰ ὅτι οὐ μὴ κακοποιήσωσιν καὶ ἀγαθὸν οὐκ ἔστιν ἐν αὐτοῖς
- 9 Ajan an, se nan peyi Tasis li soti an fèy plat. Lò a soti nan peyi Oufaz. Tou sa se travay bòs atizan ak bòs fòjon. Yo pran twal violèt ak twal wouj pou fè rad mete sou zidòl yo. Sa tou, se atizan ki fè yo ak men.
Silver hammered into plates is sent from Tarshish, and gold from Uphaz, the work of the expert workman and of the hands of the gold-worker; blue and purple is their clothing, all the work of expert men.
ἀργύριον τορευτὸν ἐστὶν οὐ πορεύσονται ἀργύριον προσβλητὸν ἀπὸ θαρσις ἤξει χρυσίον μοφαῶ καὶ χεῖρ χρυσογῶν ἔργα τεχνιτῶν πάντα ὑάκινθον καὶ πορφύραν ἐνδύσουσιν αὐτὰ
- 11 Nou menm, moun pèp Izrayèl yo, n'a di moun lòt nasyon yo konsa: Tout bondye sa yo ki pa t' fè syèl la ak latè a pral disparèt sou latè, yo yonn p'ap rete anba syèl la.
This is what you are to say to them: The gods who have not made the heavens and the earth will be cut off from the earth and from under the heavens.
οὕτως ἐρεῖτε αὐτοῖς θεοὶ οἱ τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν οὐκ ἐποίησαν ἀπολέσθωσαν ἀπὸ τῆς γῆς καὶ ὑποκάτωθεν τοῦ οὐρανοῦ τοῦτου
- 12 Seyè a te fè latè ak fòs pouwva li. Li kreye dènye bagay ak bon konprann li. Avèk entèlijans li, li louvri syèl la anwo latè.
He has made the earth by his power, he has made the world strong in its place by his wisdom, and by his wise design the heavens have been stretched out.
κύριος ὁ ποιήσας τὴν γῆν ἐν τῇ ἰσχύϊ αὐτοῦ ὁ ἀνορθώσας τὴν οἰκουμένην ἐν τῇ σοφίᾳ αὐτοῦ καὶ τῇ φρονήσει αὐτοῦ ἐξέτεινεν τὸν οὐρανὸν
- 13 Li pase lòd, epi dlo ki anwo syèl la pran gwonde. Li fè gwo nwaj yo moute soti toupatou. Li fè zèklè yo klere pou fè lapli vini. Li fè van yo soti kote li te sere yo.
At the sound of his voice there is a massing of waters in the heavens, and he makes the mists go up from the ends of the earth; he makes the thunder-flames for the rain, and sends out the wind from his store-houses.
καὶ πλῆθος ὕδατος ἐν οὐρανῷ καὶ ἀνήγαγεν νεφέλας ἐξ ἐσχάτου τῆς γῆς ἀστραπὰς εἰς ὑετὸν ἐποίησεν καὶ ἐξήγαγεν φῶς ἐκ θησαυρῶν αὐτοῦ
- 14 Lè konsa tout moun rete egare, yo pa konprann anyen. Moun k'ap fè zidòl yo wont sa yo fè a, paske bondye yo fè yo se fo bondye yo ye, yo pa gen lavi nan yo.
Then every man becomes like a beast without knowledge; every gold-worker is put to shame by the image he has made: for his metal image is deceit, and there is no breath in them.
ἐμωράνθη πᾶς ἄνθρωπος ἀπὸ γνώσεως κατησχύνθη πᾶς χρυσοχόος ἐπὶ τοῖς γλυπτοῖς αὐτοῦ ὅτι ψευδῆ ἐχώνευσαν οὐκ ἔστιν πνεῦμα ἐν αὐτοῖς
- 15 Yo pa vo anyen. Yo bon pou pase nan betiz. Y'ap disparèt lè Seyè a ap vin regle ak yo.
They are nothing, a work of error: in the time of their punishment, destruction will overtake them.
μάταιά ἐστιν ἔργα ἐμπεπαιγμένα ἐν καιρῷ ἐπισκοπῆς αὐτῶν ἀπολοῦνται
- 16 Men, Bondye Jakòb la pa tankou yo. Se li menm ki fè tout bagay. Li chwazi pèp Izrayèl la pou rele l' pa l'. Seyè ki gen tout pouvwa a, se konsa yo rele l'.
The heritage of Jacob is not like these; for the maker of all things is his heritage: the Lord of armies is his name.
οὐκ ἔστιν τοιαύτη μερίς τῷ ἰακωβ ὅτι ὁ πλάσας τὰ πάντα αὐτὸς κληρονομία αὐτοῦ κύριος ὄνομα αὐτῷ
- 17 ¶ Nou menm moun lavi Jerizalèm, lènmi sènen nou toupatou. Ranmase pakèt nou!
Get your goods together and go out of the land, O you who are shut up in the walled town.
συνήγαγεν ἕξωθεν τὴν ὑπόστασίν σου κατοικοῦσα ἐν ἐκλεκτοῖς
- 18 Men sa Seyè a di nou: Fwa sa a mwen pral mete nou deyò nan peyi a. M'ap bare chemen nou pou nou yonn pa chape.
For the Lord has said, I will send the people in flight like a stone from the land at this time, troubling them so that they will be conscious of it.
ὅτι τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ σκελίζω τοὺς κατοικοῦντας τὴν γῆν ταύτην ἐν θλίψει ὅπως εὐρεθῆ ἢ πληγῇ σου
- 19 Moun Jerizalèm yo rele: -Ki malè sa a pou nou! Nou pran! Pa gen anyen ki ka sove nou! Nou te kwè se yon malè nou ta ka sipòte.
Sorrow is mine for I am wounded! my wound may not be made well; and I said, Cruel is my disease, I may not be free from it.
οὐαὶ ἐπὶ συντρίμματί σου ἀλγυρὰ ἢ πληγῇ σου καγὼ εἶπα ὄντως τοῦτο τὸ τραῦμά μου καὶ κατέλαβέν με
- 20 Yo ravaje tout tant nou yo. Yo koupe tout kòd ki te kenbe yo. Nou pèdi tout pitit nou yo, yo pote yo ale. Pa gen pesonn pou mete tant nou yo kanpe ankò, pesonn pou moute rido nou yo.
My tent is pulled down and all my cords are broken: my children have gone from me, and they are not: no longer is there anyone to give help in stretching out my tent and hanging up my curtains.
ἡ σκηνή μου ἐταλαιπώρησεν ὤλετο καὶ πᾶσαι αἰ δέρρεις μου διεσπάσθησαν οἱ υἱοί μου καὶ τὰ πρόβατά μου οὐκ εἰσιν οὐκ ἔστιν ἔτι τόπος τῆς σκηνῆς μου τόπος τῶν δέρρεων μου

- 21 Mwen reponn: -Chèf nou yo fin pèdi tèt yo. Yo pa mande Bondye konsèy. Se poutèt sa yo pa t' kapab fè anyen. Yo kite pèp la andebandad.
For the keepers of the sheep have become like beasts, not looking to the Lord for directions: so they have not done wisely and all their flocks have been put to flight.
ὅτι οἱ ποιμένες ἠφρονεύσαντο καὶ τὸν κύριον οὐκ ἐξεζήτησαν διὰ τοῦτο οὐκ ἐνόησεν πᾶσα ἡ νομὴ καὶ διεσκορπίσθησαν
- 22 Koute non! Nouvèl la ap kouri vini! Gen yon gwo mouvman nan peyi bò nò a. Lame l' yo pral fè lavil peyi Jida yo tounen mazi, kote bèt nan bwa rete.
News is going about, see, it is coming, a great shaking is coming from the north country, so that the towns of Judah may be made waste and become the living-place of jackals.
φωνὴ ἀκοῆς ἰδοὺ ἔρχεται καὶ σεισμός μέγας ἐκ γῆς βορρᾶ τοῦ τάξει τὰς πόλεις ἰουδα εἰς ἀφανισμόν καὶ κοίτην στρουθῶν
- 23 Seyè, mwen konnen pesonn pa mèt tèt yo, pesonn pa ka kontwole kote yo prale.
O Lord, I am conscious that a man's way is not in himself: man has no power of guiding his steps.
οἶδα κύριε ὅτι οὐχὶ τοῦ ἀνθρώπου ἡ ὁδὸς αὐτοῦ οὐδὲ ἀνὴρ πορεύσεται καὶ κατορθώσει πορείαν αὐτοῦ
- 24 Koriye pèp ou a, Seyè. Men, pa peze l' twòp! Pa fè kòlè sou li, paske w'a fini avè l'.
O Lord, put me right, but with wise purpose; not in your wrath, or you will make me small.
παίδευσον ἡμᾶς κύριε πλὴν ἐν κρίσει καὶ μὴ ἐν θυμῷ ἵνα μὴ ὀλίγους ἡμᾶς ποιήσης
- 25 Mete ou ankòlè sou nasyon ki pa konnen ou yo, sou pèp ki p'ap sèvi ou yo. Paske se yo menm k'ap fin touye pitit Jakòb yo. Y'ap touye yo nèt. Yo fin ravaje peyi kote nou rete a.
Let your wrath be let loose on the nations which have no knowledge of you, and on the families who give no worship to your name: for they have made a meal of Jacob, truly they have made a meal of him and put an end to him and made his fields a waste.
ἔκχεον τὸν θυμόν σου ἐπὶ ἔθνη τὰ μὴ εἰδότα σε καὶ ἐπὶ γενεὰς αἱ τὸ ὄνομά σου οὐκ ἐπεκαλέσαντο ὅτι κατέφαγον τὸν ἰακωβ καὶ ἐξανήλωσαν αὐτὸν καὶ τὴν νομὴν αὐτοῦ ἠρήμωσαν
- 1 ¶ Seyè a pale ak Jeremi, li di l' konsa:
The word which came to Jeremiah from the Lord, saying,
ὁ λόγος ὁ γενόμενος παρὰ κυρίου πρὸς ἰερεμῖαν λέγων
- 2 -Koute kondisyon nou te pase nan kontra a. W'a pale ak moun peyi Jida yo ansanm ak moun ki rete lavil Jerizalèm yo.
Give ear to the words of this agreement, and say to the men of Judah and to the people of Jerusalem,
ἀκούσατε τοὺς λόγους τῆς διαθήκης ταύτης καὶ λαλήσεις πρὸς ἀνδρας ἰουδα καὶ πρὸς τοὺς κατοικοῦντας ἱερουσαλημ
- 3 W'a di yo men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Madichon pou tout moun ki pa kenbe kondisyon ki nan kontra a.
The Lord, the God of Israel, has said, Let that man be cursed who does not give ear to the words of this agreement,
καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ ἐπικατάρατος ὁ ἄνθρωπος ὃς οὐκ ἀκούσεται τῶν λόγων τῆς διαθήκης ταύτης
- 4 Se kontra sa a mwen te pase ak zansèt nou yo lè mwen t'ap fè yo soti kite peyi Lejip, peyi ki te tankou yon gwo dife nan dèyè yo. Mwen te di yo: Se pou nou koute m', se pou nou fè tou sa mwen ban nou lòd fè. Se konsa, n'a yon pèp ki rele m' pa m'. Mwen menm, m'a sèl Bondye nou.
To the order which I gave your fathers on the day when I took them out of the land of Egypt, out of the oven of iron, saying, Give ear to my voice, and do all the orders I have given you: so you will be my people, and I will be your God:
ἦς ἐνετείλαμην τοῖς πατράσιν ὑμῶν ἐν ἡμέρᾳ ἣ ἀνήγαγον αὐτούς ἐκ γῆς αἰγύπτου ἐκ καμίνου τῆς σιδηρᾶς λέγων ἀκούσατε τῆς φωνῆς μου καὶ ποιήσατε πάντα ὅσα ἐὰν ἐντείλωμαι ὑμῖν καὶ ἔσεσθέ μοι εἰς λαόν καὶ ἐγὼ ἔσομαι ὑμῖν εἰς θεόν
- 5 Lè sa a m'a kenbe pwomès ak gwo sèman mwen te fè bay zansèt nou yo, pou m' te ba yo yon bon peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule tankou dlo. Se peyi sa a ki pa nou jòdi a! Mwen reponn: -Se vre, Seyè!
So that I may give effect to the oath which I made to your fathers, to give them a land flowing with milk and honey as at this day. And I said in answer, So be it, O Lord.
ὅπως στήσω τὸν ὄρκον μου ὃν ἔωσα τοῖς πατράσιν ὑμῶν τοῦ δοῦναι αὐτοῖς γῆν ῥέουσαν γάλα καὶ μέλι καθὼς ἡ ἡμέρα αὕτη καὶ ἀπεκρίθην καὶ εἶπα γένοιτο κύριε
- 6 Apre sa, Seyè a di m' ankò: -Al repete tout pawòl sa yo byen fò nan zòrèy moun lavil peyi Jida yo, ak nan zòrèy moun nan tout lari lavil Jerizalèm. Di yo: Koute kondisyon ki nan kontra a. Fè tou sa ki ladan l'.
And the Lord said to me, Give out these words in the towns of Judah and in the streets of Jerusalem, saying, Give ear to the words of this agreement and do them.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με ἀνάγνωθι τοὺς λόγους τούτους ἐν πόλεσιν ἰουδα καὶ ἔξωθεν ἱερουσαλημ λέγων ἀκούσατε τοὺς λόγους τῆς διαθήκης ταύτης καὶ ποιήσατε αὐτούς
- 8 Men yo pa tande, zòrèy yo bouche. Mwen te mande yo pou yo te fè tou sa mwen te ba yo lòd fè nan kontra a, men yo derefize. Se konsa mwen pini yo jan m' te di yo sa nan kontra a.
But they gave no attention and did not give ear, but they went on, every man in the pride of his evil heart: so I sent on them all the curses in this agreement, which I gave them orders to keep, but they did not.
καὶ οὐκ ἐποίησαν

- 9 Apre sa, Seyè a di m' konsa: -Moun Jida ak moun lavil Jerizalèm moute konplo sou do mwen.
And the Lord said to me, There is an evil design at work among the men of Judah and the people of Jerusalem.
 και ειπεν κυριος προς με ευρεθη συνδεσμος εν ανδρασιν ιουδα και εν τοις κατοικοισιν ιερουσαλημ
- 10 Yo tonbe ankò nan menm peche ak zansèt yo ki te refize koute sa m' t'ap di yo. Yo menm tou, yo kouri dèyè lòt bondye pou fè sèvis pou yo. Ni moun peyi Izrayèl yo, ni moun peyi Jida yo pa kenbe kontra mwen te pase ak zansèt yo a.
They are turned back to the sins of their fathers, who would not give ear to my words; they have gone after other gods and become their servants: the people of Israel and the people of Judah have not kept the agreement which I made with their fathers.
 επεστράφησαν επί τας άδικίας των πατέρων αυτών των πρότερον οι ούκ ήθελον εισακοῦσαι των λόγων μου και ιδου αυτοι βαδιζουσιν όπισω θεων άλλοτριων του δουλεύειν αυτοις και διεσκέδασαν ο ίκος ισραηλ και οικος ιουδα την διαθήκη μου ήν διεθέμην προς τους πατέρας αυτών
- 11 ¶ Enben! Se mwen menm Seyè a k'ap pale: Mwen pral voye yon malè sou yo. Yo p'ap ka chape anba l'. Y'a kriye nan pye m', mwen p'ap koute yo.
So the Lord has said, I will send evil on them, which they will not be able to get away from; and they will send up a cry for help to me, but I will not give ear to them.
 δια τουτο τάδε λέγει κυριος ιδου εγω επάγω επί τον λαόν τουτον κακά εξ ὧν ου δυνήσονται εξελθειν εξ αυτών και κεκράζονται προς με και ούκ εισακούσομαι αυτών
- 12 Lè sa a, se pou moun peyi Jida yo ak moun ki rete lavil Jerizalèm yo al kriye nan pye bondye y'ap sèvi yo. Se pa pou yo yo te konn boule ofrann yo! Tansèlman, bondye sa yo p'ap ka sove yo lè malè a va rive sou yo.
Then the towns of Judah and the people of Jerusalem will go crying for help to the gods to whom they have been burning perfumes: but they will give them no salvation in the time of their trouble.
 και πορεύονται πόλεις ιουδα και οι κατοικούντες ιερουσαλημ και κεκράζονται προς τους θεούς οις αυτοι θυμιῶσιν αυτοις μη σώσουσιν αυτοους εν καιρω των κακων αυτών
- 13 Nou menm moun peyi Jida, nou gen yon bondye pou chak lavil nan peyi a! Nou menm moun lavil Jerizalèm, mezi lari nou genyen se mezi lotèl nou bati pou boule ofrann pou Baal, zidòl k'ap fè nou wont la!
For the number of your gods is as the number of your towns, O Judah; and for every street in Jerusalem you have put up altars to the Baal for burning perfumes to the Baal.
 ὅτι κατ' αριθμὸν των πόλεων σου ήσαν θεοί σου ιουδα και κατ' αριθμὸν εξόδων της ιερουσαλημ ετάξατε βομους θυμιαν τη βααλ
- 14 Ou menm, Jeremi, ou pa bezwen vin plede pou moun sa yo. Ou pa bezwen plenyen pou yo, ni ou pa bezwen lapriyé pou yo. Paske y'a rele nan pye m' lè malè a va rive sou yo, mwen p'ap tande yo.
And as for you, make no prayers for this people, send up no cry or prayer for them: for I will not give ear to their cry in the time of their trouble.
 και συ μη προσεύχου περι του λαου τουτου και μη αξίου περι αυτών εν δεήσει και προσευχη ὅτι ούκ εισακούσομαι εν τῷ καιρω εν ᾧ επικαλῶνται με εν καιρω κακώσεως αυτών
- 15 Seyè a di ankò: -Pèp mwen renmen anpil la gen move lide dèyè tèt yo. Ki dwa yo genyen pou yo vin nan Tanp mwen an? Yo gen lè konprann yo ka egzante malè k'ap vin sou yo a avèk bèl pwomès y'ap fè m' yo, yo ka chape anba l' avèk vyann anpil bèt y'ap ofri pou mwen yo, apre sa pou y' al pran plezi yo?
About Judah. What have you to do in my house? is it your thought that oaths and holy flesh will get you out of your trouble? will you make yourself safe in this way?
 τι ή ήγαπημένη εν τῷ οικῳ μου εποίησεν βδελγμα μη ευχαι και κρέα άγια άφελοῦσιν από σου τας κακίας σου ή τουτοις διαφεύξη
- 16 Yon lè, mwen te rele yo: Bèl pye oliv mwen an, plen fèy, chaje donn. Men, koulye a, m'ap vini ak yon bri loraj, m'ap mete dife nan fèy li yo, m'ap kase tout branch li yo.
You had been named by the Lord, A branching olive-tree, fair with beautiful fruit: with the noise of a great rushing he has put it on fire and its branches are broken.
 ελαιαν ωραιαν ευσκιον τῷ ειδει εκάλεσεν κυριος το ὄνομά σου εις φωνήν περιτομής αυτής ανήφθη πυρ επ' αυτήν μεγάλη ή θλίψις επί σε ήχρεώθησαν οι κλάδοι αυτής
- 17 Se mwen menm Seyè ki gen tout pouwva a ki te plante pèp Izrayèl la ansanm ak pèp Jida a. Men koulye a, mwen pran desizyon pou m' voye malè sou yo. Se yo menm ki chache l' avèk tou sa yo fè ki mal: Se yo ki fè m' fache paske y' al boule ofrann pou Baal!
For the Lord of armies, by whom you were planted, has given his decision for evil against you, because of the evil which the people of Israel and the people of Judah have done, In moving me to wrath by offering perfumes to the Baal.
 και κυριος ὁ καταφντεύσας σε ελάλησεν επί σε κακά άντι της κακίας οικου ισραηλ και οικου ιουδα ὅτι εποίησαν έναντοις του παροργίσει με εν τῷ θυμιαν αυτοους τη βααλ
- 18 ¶ Seyè a fè m' konnen yo t'ap moute yon konplo sou do mwen. Li fè m' wè jan yo t'ap manniganse sou do m' pou yo pran m'.
And the Lord gave me knowledge of it and I saw it: then you made clear to me their doings.
 κυριε γνώρισόν μοι και γνώσομαι τότε ειδον τα επιτηδεύματα αυτών
- 19 Mwen menm, mwen te tankou yon ti mouton tou dou yo t'ap mennen labatwa, mwen pa t' konnen se sou do m' yo t'ap konplote konsa lè yo t'ap di: Annou koupe pyebwa ki byen kanpe a. Ann disparèt li sou latè pou pesonn pa chonje l' ankò.
But I was like a gentle lamb taken to be put to death; I had no thought that they were designing evil against me, saying, Come and let us make trouble his food, cutting him off from the land of the living, so that there may be no more memory of his name.
 εγω δε ως αρνιον άκακον άγόμενον του θύεσθαι ούκ εγνων επ' εμε ελογίσαντο λογισμὸν πονηρόν λέγοντες δεῦτε και εμβάλωμεν ξύλον εις τον άρτον αυτού και εκτρίψωμεν αυτόν από γής ζώντων και το ὄνομα αυτού ου μη μνησθή έτι

- 20 Lè sa a, mwen lapriyè, mwen di: -Seyè ki gen tout pouvwa a, ou se yon jij ki pa nan patipri. Ou sonde tou sa ki nan kè ak nan lide moun. Mwen lage kòz mwen nan men ou. Fè m' wè jan w'ap tire revanj ou sou yo.
But, O Lord of armies, judging in righteousness, testing the thoughts and the heart, let me see your punishment come on them: for I have put my cause before you.
κύριε κρίνων δίκαια δοκιμάζων νεφρούς και καρδίας ἴδοιμι τὴν παρὰ σοῦ ἐκδίκησιν ἐξ αὐτῶν ὅτι πρὸς σέ ἀπεκάλυψα τὸ δικαίωμα μου
- 21 Mesye lavil Anatòt yo te soti pou yo touye m'. Yo di m' konsa: O wi, si ou louvri bouch ou pou pale nan non Seyè a ankò, n'ap touye ou.
So this is what the Lord of armies has said about the men of Anathoth who have made designs against your life, saying, You are not to be a prophet in the name of the Lord, or death will overtake you by our hands:
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἐπὶ τοὺς ἀνδρας αναθωθ τοὺς ζητοῦντας τὴν ψυχὴν μου τοὺς λέγοντας οὐ μὴ προφητεύσης ἐπὶ τῷ ὀνόματι κυρίου εἰ δὲ μὴ ἀποθανῆ ἔν ταῖς χερσίν ἡμῶν
- 22 Enben, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: M' pral regle ak yo! Jenn gason yo pral mouri nan lagè. Pitit gason ak pitit fi yo pral mouri grangou.
So the Lord of armies has said, See, I will send punishment on them: the young men will be put to the sword; their sons and their daughters will come to death through need of food:
ἰδοὺ ἐγὼ ἐπισκέψομαι ἐπ' αὐτούς οἱ νεανίσκοι αὐτῶν ἐν μαχαίρᾳ ἀποθανοῦνται και οἱ υἱοὶ αὐτῶν και αἱ θυγατέρες αὐτῶν τελευτήσουσιν ἐν λιμῷ
- 23 Lè lè a va rive pou yo peye pou sa yo fè a, m'ap voye yon sèl malè sou moun lavil Anatòt yo. Yo yonn p'ap chape.
Not one of them will keep his life, for I will send evil on the men of Anathoth in the year of their punishment.
και ἐγκατάλειμμα οὐκ ἔσται αὐτῶν ὅτι ἐπάξω κακὰ ἐπὶ τοὺς κατοικοῦντας ἐν αναθωθ ἐν ἐνιαυτῷ ἐπισκέψεως αὐτῶν
- 1 ¶ Ou menm Seyè, ou pa nan patipri. Mwen pa ka nan plede avè ou. Men, mwen ta renmen mande ou yon bagay sou sa w'ap fè a. Poukisa zafè mechan yo mache byen konsa? Poukisa tout moun malonèt yo alèz konsa?
You are in the right, O Lord, when I put my cause before you: still let me take up with you the question of your decisions: why does the evil-doer do well? why are the workers of deceit living in comfort?
δικαιος εἶ κύριε ὅτι ἀπολογίσομαι πρὸς σέ πλὴν κρίματα λαλήσω πρὸς σέ τί ὅτι ὁδὸς ἀσεβῶν εὐοδοῦται εὐθνήθησαν πάντες οἱ ἀθετοῦντες ἀθετήματα
- 2 Ou plante yo, yo pran rasin. Yo grandi, yo donnen. Non ou toujou nan bouch yo! Men, nan kè yo, yo pa sou bò ou.
They have been planted by you, they have taken root; they go on and give fruit: you are near in their mouths but far from their thoughts.
ἐφύττευσας αὐτούς και ἐρριζώθησαν ἐτεκνοποίησαν και ἐποίησαν καρπὸν ἐγγὺς εἶ σὺ τοῦ στόματος αὐτῶν και πόρρω ἀπὸ τῶν νεφρῶν αὐτῶν
- 3 Men, ou menm Seyè, ou konn ki moun mwen ye, ou wè sa m'ap fè, ou wè jan m' renmen ou. Pote mechan yo ale tankou mouton y'ap mennen labatwa! Kenbe yo la jouk lè a va rive pou yo touye yo!
But you, O Lord, have knowledge of me; you see me, searching and testing how my heart is with you: let them be pulled out like sheep to be put to death, make them ready for the day of death.
και σὺ κύριε γινώσκεις με δεδοκίμακας τὴν καρδίαν μου ἐναντίον σου ἄγνισον αὐτούς εἰς ἡμέραν σφαγῆς αὐτῶν
- 4 Kilè n'a sispann wè tè a sèk? Kilè n'a sispann wè zèb nan jaden yo ap fennen? Zannimo yo ap mouri, zwezo yo ap depafini. Tou sa, akòz mechanste pèp la k'ap plede di Bondye pa wè sa n'ap fè.
How long will the land have grief, and the plants of all the land be dry? because of the sins of the people living in it, destruction has overtaken the beasts and the birds; because they said, God does not see our ways.
ἕως πότε πενήσει ἡ γῆ και πᾶς ὁ χόρτος τοῦ ἀγροῦ ξηρανθήσεται ἀπὸ κακίας τῶν κατοικοῦντων ἐν αὐτῇ ἠφανίσθησαν κτήνη και πετεινά ὅτι εἶπαν οὐκ ὄψεται ὁ θεὸς ὁδοὺς ἡμῶν
- 5 Seyè a di: -Jeremi, si ou pèdi souf lè w'ap kouri ak moun, ki jan ou ka fè kouri ak chwal? Si kè ou pa poze lè tout bagay ap mache byen, si se lè peyi a pa an danje, ou gen kè poze, kisa w'a fè lè larivyè Jouden ap desann?
If running with the fighting-men has made you tired, how will you be able to keep up with horses? and if in a land of peace you go in flight, what will become of you in the thick growth of Jordan?
σοῦ οἱ πόδες τρέχουσιν και ἐκλύουσίν σε πῶς παρασκευάσει ἐφ' ἵππους και ἐν γῆ εἰρήνης σὺ πέποιθας πῶς ποιήσεις ἐν φρυάγματι τοῦ ἰορδάνου
- 6 Ata frè ou yo, pwòp fanmi ou yo, ap trayi ou. Yo mete tèt yo ansanm ak lòt moun sou do ou. Pa fè yo konfyans, menm lè ou wè yo ap pale byen avè ou.
For even your brothers, your father's family, even they have been untrue to you, crying loudly after you: have no faith in them, though they say fair words to you.
ὅτι και οἱ ἀδελφοὶ σου και ὁ οἶκος τοῦ πατρὸς σου και οὗτοι ἠθέτησάν σε και αὐτοὶ ἐβόησαν ἐκ τῶν ὀπίσω σου ἐπισυνήχθησαν μὴ πιστεύσεις ἐν αὐτοῖς ὅτι λαλήσουσιν πρὸς σέ καλά
- 7 ¶ Seyè a di ankò: -Mwen lage pèp Izrayèl la, mwen voye pèp mwen te chwazi a jete, mwen lage pèp mwen te renmen anpil la nan men lènmi yo.
I have given up my house, I have let my heritage go; I have given the loved one of my soul into the hands of her haters.
ἐγκαταέλιπα τὸν οἶκόν μου ἀφῆκα τὴν κληρονομίαν μου ἔδωκα τὴν ἠγαπημένην ψυχὴν μου εἰς χεῖρας ἐχθρῶν αὐτῆς
- 8 Pèp ki te rele m' pa m' lan vire do ban mwen. Tankou yon lyon nan gwo rakkwa, y'ap gwonde sou mwen. Se poutèt sa mwen pa vle wè yo ankò!
My heritage has become like a lion in the woodland to me; her voice has been loud against me; so I have hate for her.
ἐγενήθη ἡ κληρονομία μου ἐμοὶ ὡς λέων ἐν δρυμῷ ἔδωκεν ἐπ' ἐμέ τὴν φωνὴν αὐτῆς διὰ τοῦτο ἐμίσησα αὐτήν

- 9 Pèp ki te rele m' pa m' lan tankou yon zwazo tout koulè, malfini sènen l' toupatou. Ale non! Sanble tout bèt nan bwa. Fè yo vini pran pa yo nan manje a!
My heritage is like a brightly coloured bird to me; the cruel birds are attacking her on every side: go, get together all the beasts of the field, make them come for destruction.
μη σπῆλαιον ὑαίνης ἢ κληρονομία μου ἐμοὶ ἢ σπῆλαιον κύκλω αὐτῆς βαδίσατε συναγάγετε πάντα τὰ θηρία τοῦ ἀγροῦ καὶ ἐλθέτωσαν τοῦ φαγεῖν αὐτήν
- 10 Yon bann chèf lòt nasyon ap sakaje jaden rezen mwen an. Yo kraze jaden m' lan anba pye yo. Yo fè bèl peyi mwen an tounen yon dezè kote moun pa rete.
The keepers of sheep have been the destruction of my vine-garden, crushing my heritage under their feet; they have made my fair heritage an unplanted waste;
ποιμένες πολλοὶ διέφθειραν τὸν ἀμπελώνά μου ἐμόλυναν τὴν μερίδα μου ἔδωκαν μερίδα ἐπιθυμητὴν μου εἰς ἔρημον ἄβατον
- 11 Yo fè l' tounen yon savann. Men, li la devan je m'. Li fini, san anyen ladan l'. Tout peyi a tounen yon dezè, san pesonn pa di anyen.
They have made it waste; it is weeping to me, being wasted; all the land is made waste, because no man takes it to heart.
ἐτέθη εἰς ἀφανισμόν ἀπωλείας δι' ἐμὲ ἀφανισμῷ ἠφανίσθη πᾶσα ἡ γῆ ὅτι οὐκ ἔστιν ἀνὴρ τιθέμενος ἐν καρδίᾳ
- 12 Moun soti lòt bò mòn ki nan dezè a vin piye. Paske Seyè a voye lagè pou detwi tout peyi a nèt. Pesonn pa ka viv ak kè poze.
Those who make waste have come on all the open hilltops in the waste land; for the sword of the Lord sends destruction from one end of the land to the other end of the land: no flesh has peace.
ἐπὶ πᾶσαν διεκβόλην ἐν τῇ ἐρήμῳ ἦλθον ταλαιπωροῦντες ὅτι μάχαιρα τοῦ κυρίου καταφάγεται ἀπ' ἄκρου τῆς γῆς ἕως ἄκρου τῆς γῆς οὐκ ἔστιν εἰρήνη πάση σαρκί
- 13 Yo plante ble, yo rekòlte pikan. Yo travay di, sa pa rapòte yo anyen. Yo wont, rekòt la pa bay anyen paske Seyè a move anpil.
Though good grain was planted, they have got in thorns: they have given themselves pain without profit: they will be shamed on account of their produce, because of the burning wrath of the Lord.
σπεύρατε πυροὺς καὶ ἀκάνθας θερίσατε οἱ κληροὶ αὐτῶν οὐκ ὠφελήσουσιν αὐτοὺς αἰσχύνθητε ἀπὸ καυχῆσεως ὑμῶν ἀπὸ ὀνειδισμοῦ ἔναντι κυρίου
- 14 ¶ Seyè a di ankò: -Men sa Seyè a di sou move vwazen pèp li a ki leve men yo sou peyi li te bay pèp Izrayèl la pou rele l' pa l' la: Mwen pral rache yo soti nan peyi yo a, tankou pyebwa y'ap derasinen. M'a wete moun peyi Jida yo nan mitan yo.
This is what the Lord has said against all my evil neighbours, who put their hands on the heritage which I gave my people Israel: See, I will have them uprooted from their land, uprooting the people of Judah from among them.
ὅτι τάδε λέγει κύριος περὶ πάντων τῶν γειτόνων τῶν πονηρῶν τῶν ἀπτομένων τῆς κληρονομίας μου ἧς ἐμέρισα τῷ λαῷ μου ἰσραηλ ἰδοὺ ἐγὼ ἀποσπῶ αὐτοὺς ἀπὸ τῆς γῆς αὐτῶν καὶ τὸν ἰουδαν ἐκβαλῶ ἐκ μέσου αὐτῶν
- 15 Men, lè m'a fin rache yo, m'a gen pitye pou yo. M'a fè yo tounen lakay yo, nan peyi yo.
And it will come about that, after they have been uprooted, I will again have pity on them; and I will take them back, every man to his heritage and every man to his land.
καὶ ἔσται μετὰ τὸ ἐκβαλεῖν με αὐτοὺς ἐπιστρέψω καὶ ἐλεήσω αὐτοὺς καὶ κατοικιῶ αὐτοὺς ἕκαστον εἰς τὴν κληρονομίαν αὐτοῦ καὶ ἕκαστον εἰς τὴν γῆν αὐτοῦ
- 16 Si lè sa a yo aprann viv byen tankou pèp mwen, si yo pran non m' pou fè sèman sa a: Nan non Seyè ki vivan an!, menm jan yo te moutre pèp mwen an pou li fè sèman nan non Baal, enben, lè sa a yo menm tou, y'a fè pati pèp mwen an, epi zafè yo va mache byen.
And it will be that, if they give their minds to learning the ways of my people, using my name in their oaths, By the living Lord; as they have been teaching my people to take oaths by the Baal; then their place will be made certain among my people.
καὶ ἔσται ἐὰν μαθόντες μάθωσιν τὴν ὁδὸν τοῦ λαοῦ μου τοῦ ὀμνύειν τῷ ὀνόματί μου ζῆ κύριος καθὼς ἐδίδαξαν τὸν λαόν μου ὀμνύειν τῇ βααλ καὶ οἰκοδομηθήσονται ἐν μέσῳ τοῦ λαοῦ μου
- 17 Men, si yon nasyon pa koute m', m'ap rache l', m'ap derasinen l', m'ap detwi li nèt. Se mwen menm Seyè a ki di sa.
But if they will not give ear, then I will have that nation uprooted, and given to destruction, says the Lord.
ἐὰν δὲ μὴ ἐπιστρέψωσιν καὶ ἐξαρῶ τὸ ἔθνος ἐκεῖνο ἐξάρσει καὶ ἀπωλεία
- 1 ¶ Seyè a pale avè m', li di m' konsa: -Al achte yon sentiwon lenn, mare l' nan ren ou. Men, piga ou tranpe l' nan dlo.
This is what the Lord said to me: Go and get yourself a linen band and put it round you and do not put it in water.
τάδε λέγει κύριος βάδισον καὶ κτήσαι σεαυτῷ περιζώμα λινοῦν καὶ περιθου περὶ τὴν ὀσφύν σου καὶ ἐν ὕδατι οὐ διελεύεται
- 2 Se konsa m' achte yon sentiwon jan Seyè a te di m' lan. Mwen mare l' nan ren mwen.
So, as the Lord said, I got a band for a price and put it round my body.
καὶ ἐκτησάμην τὸ περιζώμα κατὰ τὸν λόγον κυρίου καὶ περιέθηκα περὶ τὴν ὀσφύν μου
- 3 Apre sa, Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me a second time, saying,
καὶ ἐγενήθη λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 4 -Pran sentiwon lenn ou te achte a, sa ki mare nan ren ou lan, ale bò larivyè Lefrat la. W'a kache l' nan yon fant wòch.
Take the band which you got for a price, which is round your body, and go to Parah and put it in a secret place there in a hole of the rock.
λαβὲ τὸ περιζώμα τὸ περὶ τὴν ὀσφύν σου καὶ ἀνάστηθι καὶ βάδισον ἐπὶ τὸν εὐφράτιν καὶ κατάκρυπον αὐτὸ ἐκεῖ ἐν τῇ τρυμαλιᾷ τῆς πέτρας

- 5 Mwen leve vre, m' ale bò larivyè Lefrat la, mwen kache l' jan Seyè a te ban m' lòd la.
So I went and put it in a secret place by Parah, as the Lord had said to me.
καὶ ἐπορεύθη καὶ ἔκρυψε αὐτὸ ἐν τῷ εὐφράτῃ καθὼς ἐνετείλατό μοι κύριος
- 6 Apre youn bon ti tan, Seyè a di m' konsa: -Leve non! Tounen bò larivyè Lefrat la, al pran sentiwon mwen te ba ou lòd kache a.
Then after a long time, the Lord said to me, Up! go to Parah and get the band which I gave you orders to put there.
καὶ ἐγένετο μεθ' ἡμέρας πολλὰς καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με ἀνάστηθι βιάσθαι ἐπὶ τὸν εὐφράτην καὶ λαβὲ ἐκεῖθεν τὸ περίζωμα ὃ ἐνετείλαμην σοὶ τοῦ κατακρῶσαι ἐκεῖ
- 7 Se konsa, m' ale bò larivyè Lefrat la, mwen chache, mwen pran sentiwon an kote m' te kache l' la. Men, li te gate, li pa t' vo anyen ankò.
So I went to Parah and, uncovering the hole, took the band from the place where I had put it away: and the band was damaged and of no use for anything.
καὶ ἐπορεύθη ἐπὶ τὸν εὐφράτην ποταμὸν καὶ ὤρυξε καὶ ἔλαβον τὸ περίζωμα ἐκ τοῦ τόπου οὗ κατώρυξε αὐτὸ ἐκεῖ καὶ ἰδοὺ διεφθαρμένον ἦν ὃ οὐ μὴ χρησθῆ εἰς οὐθέν
- 8 Lè sa a, Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
Then the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγενήθη λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 9 -Men ki jan mwen pral kraze lògèy moun granpanpan peyi Jida yo, ak gwo lògèy moun lavil Jerizalèm yo.
The Lord has said, In this way I will do damage to the pride of Judah and to the great pride of Jerusalem.
τάδε λέγει κύριος οὕτω φθερῶ τὴν ὕβριν ἰουδα καὶ τὴν ὕβριν ἱερουσαλημ
- 10 Moun sa yo se move moun yo ye. Yo refize koute m' lè m' pale yo. Yo fè tèt di, yo fè tout vye lide ki vin nan tèt yo. Y' al dèyè lòt bondye, yo fè sèvis pou yo, yo adore yo. Se konsa y'ap tounen tankou sentiwon lenn lan ki pa bon pou anyen ankò.
These evil people who say they will not give ear to my words, who go on in the pride of their hearts and have become servants and worshippers of other gods, will become like this band which is of no use for anything.
τὴν πολλὴν ταύτην ὕβριν τοὺς μὴ βουλομένους ὑπακούειν τῶν λόγων μου καὶ πορευθέντας ὀπίσω θεῶν ἀλλοτριῶν τοῦ δουλεῦν αὐτοῖς καὶ τοῦ προσκυνεῖν αὐτοῖς καὶ ἔσονται ὡσπερ τὸ περίζωμα τοῦτο ὃ οὐ χρησθήσεται εἰς οὐθέν
- 11 Menm jan moun mare sentiwon nan ren yo, se konsa mwen te vle pou moun peyi Jida yo ansanm ak moun lavil Jerizalèm yo te mare avè m', pou yo te ka yon pèp apa pou mwen, yon non, yon lwanj, yon bèl bagay pou mwen. Men yo pa koute m'. Se Seyè a menm ki di sa.
For as a band goes tightly round a man's body, so I made all the people of Israel and all the people of Judah tightly united to me; so that they might be a people for me and a name and a praise and a glory: but they would not give ear.
ὅτι καθάπερ κολλᾶται τὸ περίζωμα περὶ τὴν ὄσφιν τοῦ ἀνθρώπου οὕτως ἐκόλλησα πρὸς ἑμαυτὸν τὸν οἶκον τοῦ ἰσραηλ καὶ πᾶν οἶκον ἰουδα τοῦ γενέσθαι μοι εἰς λαὸν ὀνομαστὸν καὶ εἰς καύχημα καὶ εἰς δόξαν καὶ οὐκ εἰσηκούσαν μου
- 12 ¶ W'a di yo pawoli sa a: Men sa Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Potich diven fèt pou mete diven ladan l'. Y'a reponn ou: Men wi, tout potich diven fèt pou mete diven ladan l'. Se bagay nou konnen.
So you are to say this word to them: This is the word of the Lord, the God of Israel: Every skin bottle will be full of wine; and they will say to you, Is it not quite clear to us that every skin bottle will be full of wine?
καὶ ἐρεῖς πρὸς τὸν λαὸν τοῦτον πᾶς ἀσκὸς πληρωθήσεται οἴνου καὶ ἔσται ἐὰν εἴπωσιν πρὸς σέ μὴ γνόντες οὐ γνωσόμεθα ὅτι πᾶς ἀσκὸς πληρωθήσεται οἴνου
- 13 Lè sa a w'a di yo: Men sa mwen menm Seyè a, mwen di: Mwen pral plen vant tout moun nan peyi a ak diven jouk yo sou, depi wa a ki chita sou fotèy David la, prèt yo, pwofèt yo, jouk dènye moun ki rete lavil Jerizalèm.
Then you are to say to them, The Lord has said, I will make all the people of this land, even the kings seated on David's seat, and the priests and the prophets and all the people of Jerusalem, overcome with strong drink.
καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ πληρῶ τοὺς κατοικοῦντας τὴν γῆν ταύτην καὶ τοὺς βασιλεῖς αὐτῶν τοὺς καθημένους υἱοὺς δαυὶδ ἐπὶ θρόνου αὐτοῦ καὶ τοὺς ἱερεῖς καὶ τοὺς προφῆτας καὶ τὸν ἰουδαν καὶ πάντας τοὺς κατοικοῦντας ἱερουσαλημ μεθύσονται
- 14 Apre sa, m'ap frape yo yonn ak lòt pou yo kraze, granmoun kou timoun, tout ansanm. M'ap san pitye, mwen p'ap kite yonn chape. Mwen p'ap pran priyè, m'ap touye yo tout.
I will have them smashed against one another, fathers and sons together, says the Lord: I will have no pity or mercy, I will have no feeling for them to keep me from giving them to destruction.
καὶ διασκορπιῶ αὐτούς ἀνδρα καὶ τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ καὶ τοὺς πατέρας αὐτῶν καὶ τοὺς υἱοὺς αὐτῶν ἐν τῷ αὐτῷ οὐκ ἐπιποθήσω λέγει κύριος καὶ οὐ φείσομαι καὶ οὐκ οἰκτιρήσω ἀπὸ διαφθορᾶς αὐτῶν
- 15 Nou menm pèp Izrayèl, Seyè a ap pale, louvri zòrèy nou pou nou tande! Pa fè gwo kòlèt!
Give ear and let your ears be open; be not lifted up: for these are the words of the Lord.
ἀκούσατε καὶ ἐνωτίσασθε καὶ μὴ ἐπαίρεσθε ὅτι κύριος ἐλάλησεν

- 16 Fè lwanj Seyè a, Bondye nou an, anvan fènwa bare nou, pou pye nou pa al bite sou mòn yo lannwit la, anvan li fè limyè nou t'ap tann lan tounen yon gwo fènwa, yon dekou ki fènwa kou lank.
Give glory to the Lord your God, before he makes it dark, and before your feet are slipping on the dark mountains, and, while you are looking for a light, he makes it into deep dark, into black night.
δότε τῷ κυρίῳ θεῷ ὑμῶν δόξαν πρὸ τοῦ συσκοτάσαι καὶ πρὸς τοῦ προσκόψαι πόδας ὑμῶν ἐπ' ὄρη σκοτεινὰ καὶ ἀναμενεῖτε εἰς φῶς καὶ ἐκεῖ σκιὰ θανάτου καὶ τεθήσονται εἰς σκότος
- 17 Si nou pa koute l', mwen pral kache kò m' yon kote pou m' kriye, paske nou gen twòp lògèy. Je m' pral koule dlo, yo pral ponpe dlo, paske yo pral fè pèp Seyè a prizonye, yo pral depòte yo.
But if you do not give ear to it, my soul will be weeping in secret for your pride; my eye will be weeping bitterly, streaming with water, because the Lord's flock has been taken away as prisoners.
ἐὰν δὲ μὴ ἀκούσητε κεκρυμμένως κλαύσεται ἡ ψυχὴ ὑμῶν ἀπὸ προσώπου ὕβρεως καὶ κατὰξουσιν οἱ ὀφθαλμοὶ ὑμῶν δάκρυα ὅτι συνετρίβη τὸ ποίμνιον κυρίου
- 18 Seyè a di m' konsa: -Pale ak wa a ansanm ak manman l'. Di yo desann soti sou fotèy yo, paske bèl kouwòn ki te sou tèt yo a tonbe atè.
Say to the king and to the queen-mother, Make yourselves low, be seated on the earth: for the crown of your glory has come down from your heads.
εἶπατε τῷ βασιλεῖ καὶ τοῖς δυναστεύουσιν ταπεινώθητε καὶ καθίσατε ὅτι καθηρέθη ἀπὸ κεφαλῆς ὑμῶν στέφανος δόξης ὑμῶν
- 19 Yo sènen tout lavil ki nan sid peyi Jida a. Pesonn pa ka pase. Yo depòte dènye moun peyi Jida yo. Yo pa kite yonn deyò.
The towns of the south are shut up, and there is no one to make them open: Judah is taken away as prisoners; all Judah is taken away as prisoners.
πόλεις αἱ πρὸς νότον συνεκλείσθησαν καὶ οὐκ ἦν ὁ ἀνοίγων ἀπώκισθη ἰουδας συνετέλεσεν ἀποικίαν τελείαν
- 20 Jerizalèm, leve je ou gade. Gade lènmi ou yo k'ap desann soti nan nò! Kote moun ki te sou kont ou yo, moun ki t'ap fè ou mache tèt byen wo a?
Let your eyes be lifted up (O Jerusalem), and see those who are coming from the north. Where is the flock which was given to you, your beautiful flock?
ἀνάλαβε ὀφθαλμούς σου ἱερουσαλημ καὶ ἰδὲ τοὺς ἐρχομένους ἀπὸ βορρᾶ ποῦ ἐστὶν τὸ ποίμνιον ὃ ἐδόθη σοὶ πρόβατα δόξης σου
- 21 Kisa w'a di lè w'a wè moun ou te kwè ki te zanmi ou yo leve dèyè ou pou yo vin chèf sou ou nan peyi ou? Ou pral nan lapenn tankou yon fanm ansent ki gen tranche.
What will you say when he puts over you those whom you yourself have made your friends? will not pains take you like a woman in childbirth?
τί ἐρεῖς ὅταν ἐπισκέπτονται σε καὶ σὺ ἐδίδαξας αὐτοὺς ἐπὶ σὲ μαθήματα εἰς ἀρχὴν οὐκ ὠδίνεις καθέξουσίν σε καθὼς γυναῖκα τίκτουςαν
- 22 ¶ W'a mande tèt ou: Poukisa tout bagay sa yo ap rive ou? Se paske sa ou te fè a te grav anpil kifè yo mete ou toutouni, yo fè kadejak sou ou.
And if you say in your heart, Why have these things come on me? because of the number of your sins, your skirts have been uncovered and violent punishment overtakes you.
καὶ ἐὰν εἴπῃς ἐν τῇ καρδίᾳ σου διὰ τί ἀπήνησέν μοι ταῦτα διὰ τὸ πλῆθος τῆς ἀδικίας σου ἀνεκαλύφθη τὰ ὀπίσθιά σου παραδειγματισθῆναι τὰς πτέρνας σου
- 23 Moun po nwa pa ka chanje koulè po yo. Leyopa pa ka wete takte nwa ki sou kò li yo. Konsa tou, nou menm ki fin gen labitid fè sa ki mal nou pa ka fè sa byen.
Is it possible for the skin of the Ethiopian to be changed, or the markings on the leopard? Then it might be possible for you to do good, who have been trained to do evil.
εἰ ἀλλάσσεται αἰθίοψ τὸ δέρμα αὐτοῦ καὶ πάρδαλις τὰ ποικίλματα αὐτῆς καὶ ὑμεῖς δυνήσεσθε εὖ ποιῆσαι μεμαθηκότες τὰ κακά
- 24 Mwen menm, Seyè a, mwen pral gaye yo tankou pay van ap gaye nan savann.
So I will send them in all directions, as dry grass is taken away by the wind of the waste land.
καὶ διέσπειρα αὐτοὺς ὡς φρύγανα φερόμενα ὑπὸ ἀνέμου εἰς ἔρημον
- 25 Seyè a di: Men sa k'ap tann nou. Men sa mwen deside fè nou paske nou te bliye m', nou t' al mete konfyans nou nan fo bondye.
This is your fate, the part measured out to you by me, says the Lord, because you have put me out of your memory and put your faith in what is false.
οὗτος ὁ κλήρὸς σου καὶ μερὶς τοῦ ἀπειθεῖν ὑμᾶς ἐμοὶ λέγει κύριος ὡς ἐπελάθου μου καὶ ἤλπισας ἐπὶ ψεῦδεσιν
- 26 Se mwen menm menm ki pral leve rad nou jouk sou tèt nou, pou yo wè nou toutouni.
So I will have your skirts uncovered before your face, in order that your shame may be seen.
κἀγὼ ἀποκαλύψω τὰ ὀπίσω σου ἐπὶ τὸ πρόσωπόν σου καὶ ὀφθήσεται ἡ ἄτιμία σου
- 27 Mwen te wè n'ap fè bagay mwen rayi. Tankou yon nonm marye k'ap kouri dèyè madanm lòt moun, tankou poulen k'ap ranni dèyè jiman, nou kouri dèyè lòt bondye, n'ap rele nan pye yo. San ankenn wont, n'ap fè sèvis pou yo sou tèt ti mòn yo ak nan laplenn. Aa! moun lavil Jerizalèm, nou fini vre! Kilè n'a sispann? Kilè n'a manyè netwaye kè nou?
I have seen your disgusting acts, even your false behaviour and your cries of desire and your loose ways on the hills in the field. Unhappy are you, O Jerusalem, you have no desire to be made clean; how long will you be in turning back to me?
καὶ ἡ μοιχεία σου καὶ ὁ χρεμετισμός σου καὶ ἡ ἀπαλλοτριώσις τῆς πορνείας σου ἐπὶ τῶν βουνῶν καὶ ἐν τοῖς ἀγροῖς ἐώρακα τὰ βδελύγματά σου οὐαὶ σοὶ ἱερουσαλημ ὅτι οὐκ ἐκαθαρίσθης ὀπίσω μου ἔως τίνος ἔτι
- 1 ¶ Seyè a pale ak Jeremi sou zafè chechrès la, li di l':
The word of the Lord came to Jeremiah when there was no water.
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς ἱερεμῖαν περὶ τῆς ἀβροχίας

- 2 -Peyi Jida nan gwo lapenn, lavil li yo ap depafini. Tout moun kouche atè ap plenn. Nan lavil Jerizalèm moun ap rele anmwe!
Judah is weeping and its doors are dark with sorrow, and people are seated on the earth clothed in black; and the cry of Jerusalem has gone up.
ἐπένησεν ἡ ἰουδαία καὶ αἱ πύλαι αὐτῆς ἐκενώθησαν καὶ ἐσκοτώθησαν ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἡ κραυγὴ τῆς ἱερουσαλὴμ ἀνέβη
- 3 Grannèg yo voye domestik yo al chache dlo. Lè yo rive nan sitèn yo, yo pa jwenn yon gout dlo. Yo tounen ak veso yo vid. Yo wont, yo pa konn sa pou yo di. Yo bouche figi yo.
Their great men have sent their servants for water: they come to the holes and there is no water to be seen; they come back with nothing in their vessels; they are overcome with shame and fear, covering their heads.
καὶ οἱ μεγιστάνες αὐτῆς ἀπέστειλαν τοὺς νεωτέρους αὐτῶν ἐφ' ὕδωρ ἠλθοσαν ἐπὶ τὰ φρέατα καὶ οὐχ εὔροσαν ὕδωρ καὶ ἀπέστρεψαν τὰ ἀγγεῖα αὐτῶν κενά
- 4 Tè a fann fann. Pa gen yon gout lapli. Abitan pa konn sa pou yo fè. Se men nan tèt.
Those who do work on the land are in fear, for there has been no rain on the land, and the farmers are shamed, covering their heads.
καὶ τὰ ἔργα τῆς γῆς ἐξέλειπεν ὅτι οὐκ ἦν ἐτεὸς ἡσχύνθησαν γεωργοὶ ἐπεκάλυψαν τὴν κεφαλὴν αὐτῶν
- 5 Nan jaden, kabrit yo met ba, lèfini, yo sove kite ti kabrit yo, paske pa gen zèb pou yo manje.
And the roe, giving birth in the field, lets her young one be uncared for, because there is no grass.
καὶ ἔλαφοι ἐν ἀγρῷ ἔτεκον καὶ ἐγκατέλειπον ὅτι οὐκ ἦν βοτάνη
- 6 Bourik mawon yo rete kanpe sou tèt ti mòn yo, y'ap pran fre tankou chen mawon. Je yo bouke, yo pa wè ladan yo, paske pa gen zèb pou yo manje.
And the asses of the field on the open hilltops are opening their mouths wide like jackals to get air; their eyes are hollow because there is no grass.
ὄνοι ἄγριοι ἔστησαν ἐπὶ νάπας εἰλκυσαν ἄνεμον ἐξέλειπον οἱ ὀφθαλμοὶ αὐτῶν ὅτι οὐκ ἦν χόρτος ἀπὸ λαοῦ ἀδικίας
- 7 Pèp la ap rele nan pye Bondye, y'ap di: -Menm si sa nou fè a kont pou kondannen nou, ou menm, Seyè, fè kichòy pou sa ka sèvi yon lwanj pou ou non! Paske se pa ni de ni twa fwa nou vire do ba ou nan fè peche kont ou.
Though our sins give witness against us, do something, O Lord, for the honour of your name: for again and again we have been turned away from you, we have done evil against you.
εἰ αἱ ἁμαρτίαι ἡμῶν ἀντέστησαν ἡμῖν κύριε ποίησον ἡμῖν ἕνεκεν σοῦ ὅτι πολλὰ αἱ ἁμαρτίαι ἡμῶν ἐναντίον σοῦ ὅτι σοὶ ἡμάρτομεν
- 8 Ou se tout espwa pèp Izrayèl la! Se ou ki delivre nou lè malè te pandye sou tèt nou. Poukisa ou ajì tankou yon etranje, tankou yon vwayajè k'ap pase yon nwit ase nan peyi nou an?
O you hope of Israel, its saviour in time of trouble, why are you like one who is strange in the land, and like a traveller putting up his tent for a night?
ὕπομονή ἰσραὴλ κύριε καὶ σφύξεις ἐν καιρῷ κακῶν ἵνα τί ἐγενήθης ὥσει πάροικος ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ὡς αὐτόχθων ἐκκλίνων εἰς κατάλυμα
- 9 Poukisa w'ap fè tankou yon moun ki dekontwole, tankou yon sòlda ki pa gen kouraj pou fè anyen pou pesonn? Seyè, nou sèten ou la nan mitan nou. Se pèp ou nou ye. Tanpri, pa lage nou!
Why are you like a man surprised, like a man of war who is not able to give help? but you, O Lord, are with us, and we are named by your name; do not go away from us.
μὴ ἔση ὥσπερ ἄνθρωπος ὑπῶν ἢ ὡς ἀνὴρ οὐ δυνάμενος σφύξει καὶ σὺ ἐν ἡμῖν εἶ κύριε καὶ τὸ ὄνομά σου ἐπικέκληται ἐφ' ἡμᾶς μὴ ἐπύλαθη ἡμῶν
- 10 ¶ Men sa Seyè a di pèp la: -Wi! Yo renmen al fè vakabon, yo pa ka ret an plas. M' pa kontan ak yo. M'ap chonje tout mal yo fè, m'ap pini yo pou tout peche yo fè.
This is what the Lord has said about this people: Even so they have been glad to go from the right way; they have not kept their feet from wandering, so the Lord has no pleasure in them; now he will keep their wrongdoing in mind and send punishment for their sins.
οὕτως λέγει κύριος τῷ λαῷ τούτῳ ἠγάπησαν κινεῖν πόδας αὐτῶν καὶ οὐκ ἐφείσαντο καὶ ὁ θεὸς οὐκ εὐδόκησεν ἐν αὐτοῖς νῦν μνησθήσεται τῶν ἀδικιῶν αὐτῶν
- 11 Apre sa, Seyè a di m' konsa: -Pa vin mande m' pou m' fè anyen pou pèp sa a.
And the Lord said to me, Make no prayer for this people for their good.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με μὴ προσεύχου περὶ τοῦ λαοῦ τούτου εἰς ἀγαθά
- 12 Yo te mèt fè jèn, mwen p'ap tande rèl yo. Yo te mèt ofri bèt pou boule pou mwen ansanm ak grenn jaden, se pa sa k'ap fè m' kontan ak yo. Okontrè, mwen pral fè yo mouri nan lagè, nan grangou ak anba maladi.
When they go without food, I will not give ear to their cry; when they give burned offerings and meal offerings, I will not take pleasure in them: but I will put an end to them by the sword and by need of food and by disease.
ὅτι ἐὰν νηστεύσωσιν οὐκ εἰσακούσομαι τῆς δεήσεως αὐτῶν καὶ ἐὰν προσενέγκωσιν ὀλοκαυτώματα καὶ θυσίας οὐκ εὐδοκίσω ἐν αὐτοῖς ὅτι ἐν μαχαίρᾳ καὶ ἐν λιμῷ καὶ ἐν θανάτῳ ἐγὼ συντελέσω αὐτοὺς
- 13 Lè sa a mwen di: -Bondye ki gen tout pouvwa a, ou konnen jan pwofèt yo ap plede di pèp la yo pa bezwen pè, p'ap gen lagè, grangou p'ap tonbe sou yo, paske ou te pwomèt y'ap toujou viv ak kè poze nan peyi a.
Then I said, Ah, Lord God! see, the prophets say to them, You will not see the sword or be short of food; but I will give you certain peace in this place.
καὶ εἶπα ὃ κύριε ἰδοὺ οἱ προφῆται αὐτῶν προφητεύουσιν καὶ λέγουσιν οὐκ ὕψεσθε μάχαιραν οὐδὲ λιμὸς ἔσται ἐν ἡμῖν ὅτι ἀλήθειαν καὶ εἰρήνην δώσω ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ

- 14 Men, Seyè a reponn, li di m' konsa: -Se pa vre sa pwofèt yo ap di a. Yo pran non m' pou bay manti! Se pa kras mwen menm ki voye yo. Mwen pa ba yo ankenn lòd, mwen pa janm pale ak yo. Si yo fè vizyon, se pa mwen ki ba yo l'. Si yo di yo konnen sa ki pral rive, se manti. Se lide yo fè nan tèt yo konsa pou twonpe pèp la, se sa ase yo ka louvri bouch yo di.
Then the Lord said to me, The prophets say false words in my name, and I gave them no orders, and I said nothing to them: what they say to you is a false vision and wonder-working words without substance, the deceit of their hearts.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με ψευδῆ οἱ προφήται προφητεύουσιν ἐπὶ τῷ ὀνόματί μου οὐκ ἀπέστειλα αὐτοὺς καὶ οὐκ ἐνετείλαμην αὐτοῖς καὶ οὐκ ἐλάλησα πρὸς αὐτούς ὅτι ὀράσεις ψευδεῖς καὶ μαντείας καὶ οἰωνίσματα καὶ προαιρέσεις καρδίας αὐτῶν αὐτοὶ προφητεύουσιν ἡμῖν
- 15 Se poutèt sa, men sa Seyè a di li pral fè pwofèt li pa t' janm voye yo men ki pran non l' pou di pèp la p'ap gen lagè ni grangou nan peyi a: Se nan lagè ak nan grangou tout pwofèt sa yo pral mouri!
So this is what the Lord has said about the prophets who make use of my name, though I sent them not, and say, The sword and need of food will not be in this land: the sword and need of food will put an end to those prophets.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος περὶ τῶν προφητῶν τῶν προφητευόντων ἐπὶ τῷ ὀνόματί μου ψευδῆ καὶ ἐγὼ οὐκ ἀπέστειλα αὐτούς οἱ λέγουσιν μάχαιρα καὶ λιμὸς οὐκ ἔσται ἐπὶ τῆς γῆς ταύτης ἐν θανάτῳ νοσηρῶ ἄποθανοῦνται καὶ ἐν λιμῶ συντελεσθήσονται οἱ προφῆται
- 16 Moun yo t'ap bay mesaj sa yo pral fini menm jan an tou. Yo pral mouri nan lagè ak nan grangou, yo menm, madanm yo, pitit gason ak pitit fi yo. Yo pral jete kadav yo nan tout lari lavil Jerizalèm.
P'ap gen pesonn pou antere yo. Se konsa m'ap fè yo peye mechanste yo.
And the people to whom they are prophets will be pushed out dead into the streets of Jerusalem, because there is no food, and because of the sword; and they will have no one to put their bodies into the earth, them or their wives or their sons or their daughters: for I will let loose their evil-doing on them.
καὶ ὁ λαὸς οἷς αὐτοὶ προφητεύουσιν αὐτοῖς καὶ ἔσονται ἐρριμμένοι ἐν ταῖς διόδοις ἱερουσαλημ ἀπὸ προσώπου μαχαίρας καὶ τοῦ λιμοῦ καὶ οὐκ ἔσται ὁ θάπτων αὐτούς καὶ αἱ γυναῖκες αὐτῶν καὶ οἱ υἱοὶ αὐτῶν καὶ αἱ θυγατέρες αὐτῶν καὶ ἐκχεῶ ἐπ' αὐτούς τὰ κακά αὐτῶν
- 17 ¶ Men sa w'a di yo ankò: -Se pou je m' koule dlo san rete lajounen kou lannwit, paske pèp mwen an tankou yon tifi ki pran gwo frakti, l'ap souffri rèd souffri.
And you are to say this word to them, Let my eyes be streaming with water night and day, and let it not be stopped; for the virgin daughter of my people is wounded with a great wound, with a very bitter blow.
καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς τὸν λόγον τοῦτον καταγάγετε ἐπ' ὀφθαλμοὺς ὑμῶν δάκρυα ἡμέρας καὶ νυκτός καὶ μὴ διαλιπέτωσαν ὅτι συντρίμματι συντριβῆ θυγάτηρ λαοῦ μου καὶ πληγῇ ὀδυνηρᾷ σφόδρα
- 18 Lè m' soti al nan jaden, mwen wè kadav moun yo touye nan lagè. Lè m' antre nan lavil la, mwen wè moun ap mouri grangou! Pwofèt yo menm ansanm ak prèt yo ap mache nan tout peyi a, yo pa konn sa y'ap fè.
If I go out into the open country, there are those put to death by the sword! and if I go into the town, there are those who are diseased from need of food! for the prophet and the priest go about in the land and have no knowledge.
ἐὰν ἐξέλθω εἰς τὸ πεδῖον καὶ ἰδοὺ τραυματῖαι μαχαίρας καὶ ἐὰν εἰσέλθω εἰς τὴν πόλιν καὶ ἰδοὺ πόνος λιμοῦ ὅτι ἱερεὺς καὶ προφήτης ἐπορεύθησαν εἰς γῆν ἣν οὐκ ᾔδεισαν
- 19 Seyè, gen lè ou voye pèp Jida a jete nèt? Eske ou rayi moun mòn Siyon yo? Poukisa ou frape nou konsa jouk nou pa ka geri a? Nou t'ap tann ou vin delivre nou, anyen pa rive. Nou t'ap tann ou vin geri nou, ou fè nou pè pi rèd.
Have you completely given up Judah? is your soul turned in disgust from Zion? why have you given us blows from which there is no one to make us well? we were looking for peace, but no good came; and for a time of well-being, but there was only a great fear.
μὴ ἀποδοκιμάζων ἀπεδοκίμασας τὸν ἰουδα καὶ ἀπὸ σιων ἀπέστη ἡ ψυχὴ σου ἵνα τί ἐπαισας ἡμᾶς καὶ οὐκ ἔστιν ἡμῖν ἴσας ὑπεμείναμεν εἰς εἰρήνην καὶ οὐκ ἦν ἀγαθὰ εἰς καιρὸν ἰάσεως καὶ ἰδοὺ ταραχὴ ἢ
- 20 Seyè, nou rekonèt nou antò. Nou rekonèt zansèt nou yo te fè sa ki mal. Wi, nou tout nou antò devan ou.
We are conscious, O Lord, of our sin and of the wrongdoing of our fathers: we have done evil against you.
ἐγνωμεν κύριε ἀμαρτήματα ἡμῶν ἀδικίας πατέρων ἡμῶν ὅτι ἡμάρτομεν ἐναντίον σου
- 21 Chonje ki moun ou ye, pa meprize nou! Jerizalèm, se la fotèy pouvwa ou la chita. Pa avili l'. Pa bliye pwomès ou yo. Pa kase kontra ou te fè ak nou an.
Do not be turned from us in disgust, because of your name; do not put shame on the seat of your glory: keep us in mind, let not your agreement with us be broken.
κόπασον διὰ τὸ ὄνομά σου μὴ ἀπολέσης θρόνον δόξης σου μνήσθητι μὴ διασκεδάσης τὴν διαθήκην σου τὴν μεθ' ἡμῶν
- 22 Zidòl moun lòt nasyon yo pa vo anyen. Pa gen yonn ladan yo ki ka voye lapli. Syèl la pou kont pa l' pa ka bay lapli. Se ou menm ki Seyè a, Bondye nou an! Se ou menm ki tout espwa nou, paske se ou menm ki fè tout bagay sa yo.
Are any of the false gods of the nations able to make rain come? are the heavens able to give showers? are you not he, O Lord our God? so we will go on waiting for you, for you have done all these things.
μὴ ἔστιν ἐν εἰδώλοις τῶν ἔθνων ὑετίζων καὶ εἰ ὁ οὐρανὸς δώσει πλησμονὴν αὐτοῦ οὐχὶ σὺ εἶ αὐτός καὶ ὑπομενοῦμέν σε ὅτι σὺ ἐποίησας πάντα ταῦτα
- 1 ¶ Lè sa a, Seyè a di m' konsa: -Menm si Moyès ak Samyèl ta kanpe la pou plede avè m' pou yo, mwen pa t'ap gen pitye pou pèp sa a. Wete yo devan je m'. Fè yo ale.
Then the Lord said to me, Even if Moses and Samuel came before me, I would have no desire for this people: send them away from before me, and let them go.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με ἐὰν στή μουσῆς καὶ σαμουηλ πρὸ προσώπου μου οὐκ ἔστιν ἡ ψυχὴ μου πρὸς αὐτούς ἐξαπόστειλον τὸν λαὸν τοῦτον καὶ ἐξελεθῶσαν

- 2 Lè y'a mande ou kote pou yo ale, w'a di yo: Men sa Seyè a di: Sa ki la pou mouri anba maladi pral mouri anba maladi! Sa ki la pou mouri nan lagè pral mouri nan lagè! Sa ki la pou mouri grangou pral mouri grangou! Sa ki la pou depòte, yo pral depòte yo!
 And it will be, when they say to you, Where are we to go? then you are to say to them, The Lord has said, Such as are for death, to death; and such as are for the sword, to the sword; and such as are to be in need of food, to need of food; and such as are to be taken away prisoners, to be taken away.
 και ἔσται ἐὰν εἴπωσιν πρὸς σέ ποῦ ἐξελευσόμεθα και ἔρεῖς πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ὅσοι εἰς θάνατον εἰς θάνατον και ὅσοι εἰς μάχαιραν εἰς μάχαιραν και ὅσοι εἰς λιμὸν εἰς λιμὸν και ὅσοι εἰς αἶχμαλωσίαν αλωσίαν εἰς αἶχμαλωσίαν
- 3 Mwen pral voye kat kalite malè sou yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa: Nepe pou touye yo, chen pou trennen yo pote ale, zwezo nan syèl pou devore yo, bèt nan bwa pou fini ak yo.
 And I will put over them four divisions, says the Lord: the sword causing death, dogs pulling the dead bodies about, and the birds of heaven, and the beasts of the earth to take their bodies for food and put an end to them.
 και ἐκδικήσω ἐπ' αὐτούς τέσσαρα εἶδη λέγει κύριος τὴν μάχαιραν εἰς σφαγὴν και τοὺς κύνας εἰς διασπασμὸν και τὰ θηρία τῆς γῆς και τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ εἰς βρώσιν και εἰς διαφθοράν
- 4 M'ap fè tout nasyon sou latè sezi lè y'a wè sa ki rive yo poutèt sa Manase, pitit gason Ezeekyas la, te fè nan lavil Jerizalèm lè li te wa nan peyi Jida a.
 And I will make them a cause of fear to all the kingdoms of the earth, because of Manasseh, the son of Hezekiah, king of Judah, and what he did in Jerusalem.
 και παραδώσω αὐτούς εἰς ἀνάγκας πάσαις ταῖς βασιλείαις τῆς γῆς διὰ μανασση υἱὸν ἐζεκιου βασιλέα ἰουδα περὶ πάντων ὧν ἐποίησεν ἐν ἱερουσαλημ
- 5 Seyè a di: -Ki moun ki va gen pitye pou nou, nou menm moun lavil Jerizalèm? Ki moun ki va pran lapenn pou nou? Ki moun ki va kite sa y'ap fè pou vin pran nouvèl nou?
 For who will have pity on you, O Jerusalem? and who will have sorrow for you? or who will go out of his way to see how you are?
 τίς φείσεται ἐπὶ σοὶ ἱερουσαλημ και τίς δειλιάσει ἐπὶ σοὶ ἢ τίς ἀνακάμψει εἰς εἰρήνην σοι
- 6 Se nou menm ki voye m' jete. Se Seyè a menm ki di sa. Se nou menm ki vire do ban mwen. Se konsa, mwen leve men m' sou nou pou m' detwi nou, paske mwen bouke pran pasyans ak nou.
 You have given me up, says the Lord, you have gone back: so my hand is stretched out against you for your destruction; I am tired of changing my purpose.
 σὺ ἀπεστράφης με λέγει κύριος ὀπίσω πορεύση και ἔκτενώ τὴν χειρὰ μου και διαφθερῶ σε και οὐκέτι ἀνήσω αὐτούς
- 7 Nan tout ti bouk nan peyi a, mwen mete nou nan laye pou vannen nou tankou pay. Mwen detwi pèp mwen an, mwen kite yo san pitit. Men, yo pa kite move chemen yo t'ap swiv la.
 And I have sent a cleaning wind on them in the public places of the land; I have taken their children from them; I have given my people to destruction; they have not been turned from their ways.
 και διασπερῶ αὐτούς ἐν διασπορᾷ ἐν πόλαις λαοῦ μου ἠτεκνώθησαν ἀπόλεσαν τὸν λαόν μου διὰ τὰς κακίας αὐτῶν
- 8 Mwen fè gen plis madanm ki pèdi mari yo nan peyi a pase gen grenn sab bò lanmè. Mwen touye jenn gason nou yo ki te fèk parèt nan lavi a. Mwen mete manman yo nan lapenn. M' rete konsa m' ba yo kè sere ak kè sote.
 I have let their widows be increased in number more than the sand of the seas: I have sent against them, against the mother and the young men, one who makes waste in the heat of the day, causing pain and fears to come on her suddenly.
 ἐπληθύνθησαν χήραι αὐτῶν ὑπὲρ τὴν ἄμμον τῆς θαλάσσης ἐπίγαγον ἐπὶ μητέρα νεανίσκου ταλαιπωρίαν ἐν μεσημβρία ἐπέριψα ἐπ' αὐτὴν ἐξαίφνης τρόμον και σπουδὴν
- 9 Manman ki pèdi sèt pitit la tonbe san konesans. Souf li kout. Gwo midi, solèy kouche pou li. Li wont, li pa konn sa pou l' fè ankò. M'ap lage sa ki vivan toujou nan nou yo nan men lènmi k'ap touye yo. Se mwen menm Seyè a ki di sa.
 The mother of seven is without strength; her spirit is gone from her, her sun has gone down while it is still day: she has been shamed and overcome: and the rest of them I will give up to the sword before their haters, says the Lord.
 ἐκενώθη ἡ τίκτουσα ἐπτά ἀπεκάκησεν ἡ ψυχὴ αὐτῆς ἐπέδω ὁ ἥλιος αὐτῇ ἔτι μεσοῦσης τῆς ἡμέρας κατησχύνθη και ὄνειδίσθη τοὺς καταλοίπους αὐτῶν εἰς μάχαιραν δώσω ἐναντίον τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν
- 10 ¶ Ala yon malè pou mwen! O manman mwen, poukisa ou te fè m'? Mwen nan kont, mwen nan pale anpil ak tout moun nan peyi a. Mwen pa prete moun lajan, mwen pa prete lajan nan men moun.
 Malgre sa, tout moun ap ban m' madichon.
 Sorrow is mine, my mother, because you have given birth to me, a cause of fighting and argument in all the earth! I have not made men my creditors and I am not in debt to any, but every one of them is cursing me.
 οἴμμοι ἐγὼ μήτηρ ὡς τίνα με ἔτεκες ἄνδρα δικαζόμενον και διακρινόμενον πάση τῇ γῇ οὔτε ὠφέλησα οὔτε ὠφέλησέν με οὐδεὶς ἢ ἰσχὺς μου ἐξέλιπεν ἐν τοῖς καταρωμένοις με
- 11 Seyè, se pou tout madichon yo rive m' vre si mwen pa sèvi ou byen, si mwen pa t' plede avè ou pou tout lènmi m' yo, lè yo te nan malè, lè yo te nan tou sak pa bon.
 ...
 γένοιτο δέσποτα κατευθυνόντων αὐτῶν εἰ μὴ παρέστην σοι ἐν καιρῷ τῶν κακῶν αὐτῶν και ἐν καιρῷ θλίψεως αὐτῶν εἰς ἀγαθὰ πρὸς τὸν ἐχθρόν
- 12 Pesonn pa ka kraze bout fè k'ap soté nan nò a, fè ki melanje ak kwiv la.
 Is it possible for iron to be broken; even iron from the north, and brass?
 εἰ γνωσθήσεται σίδηρος και περιβόλαιον χαλκοῦν

- 13 Seyè a di m' ankò: -M'ap pran tout richès ak tout trezò pèp mwen an, m'ap lage yo nan piyay. Se konsa yo pral peye pou tout peche yo te fè toupatou nan peyi a.
I will give your wealth and your stores to your attackers, without a price, because of all your sins, even in every part of your land.
ἡ ἰσχὺς σου καὶ τοὺς θησαυροὺς σου εἰς προνομήν δώσω ἀντάλλαγμα διὰ πάσας τὰς ἁμαρτίας σου καὶ ἐν πᾶσι τοῖς ὀρίοις σου
- 14 M'ap fè nou tounen domestik lènmi nou yo nan yon peyi nou pa konnen, paske nou fè m' fè kolè. Tankou yon dife m'ap boule nou.
They will go away with your haters into a land which is strange to you: for my wrath is on fire with a flame which will be burning on you.
καὶ καταδουλώσω σε κύκλω τοῖς ἐχθροῖς σου ἐν τῇ γῆ ἣ οὐκ ἤδεις ὅτι πῦρ ἐκκέκασται ἐκ τοῦ θυμοῦ μου ἐφ' ὑμᾶς καθήσεται
- 15 ¶ Lè sa a mwen di: -Ou menm, Seyè, ou konn tout bagay. Pa bliye m' non! Vin pote m' sekou! Tire revanj pou mwen sou moun k'ap pèsèkite m' yo! Pa al twò dousman ak yo pou yo pa gen tan touye m'. Chonje se pou tè ou y'ap joure m' konsa!
O Lord, you have knowledge: keep me in mind and come to my help, and give their right reward to those who are attacking me; take me not away, for you are slow to be angry: see how I have undergone shame because of you from all those who make little of your word;
κύριε μνήσθητί μου καὶ ἐπίσκεψαί με καὶ ἀθώωσόν με ἀπὸ τῶν καταδικόντων με μὴ εἰς μακροθυμίαν γνῶθι ὡς ἔλαβον περὶ σοῦ ὄνειδισμόν
- 16 Lè ou pale avè m', mwen koute tou sa ou di m'. Pawòl ou yo, se tout plezi m'. Yo fè kè m' kontan, paske yo mete m' apa pou ou, Seyè, Bondye ki gen tout pouvwa a.
But to me your word is a joy, making my heart glad; for I am named by your name, O Lord God of armies.
ὑπὸ τῶν ἀθετούντων τοὺς λόγους σου συντέλεσον αὐτοὺς καὶ ἔσται ὁ λόγος σου ἐμοὶ εἰς εὐφροσύνην καὶ χαρὰν καρδίας μου ὅτι ἐπικέκληται τὸ ὄνομά σου ἐπ' ἐμοὶ κύριε παντοκράτωρ
- 17 Mwen pa pèdi tan m' chita ak moun k'ap bay blag pou m' pran plezi m' ak yo. Ou te pran m' anba ponyèt ou. M' mete kò m' sou kote, paske ou te fè m' fache menm jan avè ou!
I did not take my seat among the band of those who are glad, and I had no joy; I kept by myself because of your hand; for you have made me full of wrath.
οὐκ ἐκάθισα ἐν συνεδρίῳ αὐτῶν παιζόντων ἀλλὰ εὐλαβοῦμην ἀπὸ προσώπου χειρὸς σου κατὰ μόνας ἐκαθήμην ὅτι πικρίας ἐνεπλήσθην
- 18 Poukisa m'ap soufri san rete konsa? Poukisa kote m' blese a pa ka geri? M' pa ka jwenn renmèd pou li. Gen lè ou sot pou ou woule m'? Ou tankou yon sous ki bay dlo lè l' vle.
Why is my pain unending and my wound without hope of being made well? Sorrow is mine, for you are to me as a stream offering false hope and as waters which are not certain.
ἵνα τί οἱ λυποῦντές με κατισχύουσίν μου ἢ πληγὴ μου στερεὰ πόθεν ἰαθήσομαι γινομένη ἐγενήθη μοι ὡς ὕδωρ ψευδὲς οὐκ ἔχον πίστιν
- 19 Men sa Seyè a reponn mwen: -Si ou tounen vin jwenn mwen, m'ap resevwa ou, w'a kanpe devan m' ankò pou ou sèvi m'. Si ou sispann pale anlè pou se bon pawòl k'ap sot nan bouch ou ase, m'a fè ou pale pou mwen ankò. Lè sa a, se pèp la ki va tounen vin jwenn ou. Ou p'ap bezwen al dèyè yo.
For this cause the Lord has said, If you will come back, then I will again let you take your place before me; and if you give out what is of value and not that which has no value, you will be as my mouth: let them come back to you, but do not go back to them.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἐὰν ἐπιστρέψῃς καὶ ἀποκαταστήσω σε καὶ πρὸ προσώπου μου στήσῃ καὶ ἐὰν ἐξαγάγῃς τίμιον ἀπὸ ἀναξίου ὡς στόμα μου ἔσῃ καὶ ἀναστρέψουσιν αὐτοὶ πρὸς σέ καὶ σὺ οὐκ ἀναστρέψεις πρὸς αὐτούς
- 20 M'ap fè ou kanpe devan moun sa yo tankou yon miray fèt an kwiv byen solid. Y'a goumen avè ou, men yo p'ap ka fè ou anyen. M'ap kanpe la avè ou pou m' pwoteje ou, pou m' delivre ou. Se mwen menm Seyè a ki di sa.
And I will make you a strong wall of brass to this people; they will be fighting against you, but they will not overcome you: for I am with you to keep you safe, says the Lord.
καὶ δώσω σε τῷ λαῷ τούτῳ ὡς τεῖχος ὄχρωρὸν χαλκοῦν καὶ πολεμήσουσιν πρὸς σέ καὶ οὐ μὴ δύνονται πρὸς σέ διότι μετὰ σοῦ εἰμι τοῦ σφῆξιν σε
- 21 M'ap delivre ou anba men mekan yo, m'ap fè ou sot anba ponyèt lwijanboje yo.
I will keep you safe from the hands of the evil-doers, and I will give you salvation from the hands of the cruel ones.
καὶ ἐξαιρεῖσθαί σε ἐκ χειρὸς πονηρῶν καὶ λυτρώσομαί σε ἐκ χειρὸς λοιμῶν
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
Then again the word of the Lord came to me, saying,
καὶ σὺ μὴ λάβῃς γυναῖκα λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ.
- 2 -Pinga ou marye pou ou pa gen ni pitit gason ni pitit fi yon kote konsa.
You are not to take a wife for yourself or have sons or daughters in this place.
καὶ οὐ γεννηθήσεται σοι υἱὸς οὐδὲ θυγάτηρ ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ
- 3 Paske se mwen menm Seyè a k'ap di ou sa ki pral rive pitit gason ak pitit fi ki fèt isit la, sa ki pral rive manman ak papa k'ap fè pitit nan peyi a.
For this is what the Lord has said about the sons and daughters who come to birth in this place, and about their mothers who have given them birth, and about their fathers who have given life to them in this land:
ὅτι τάδε λέγει κύριος περὶ τῶν υἱῶν καὶ περὶ τῶν θυγατέρων τῶν γεννωμένων ἐν τῷ τόπῳ τούτῳ καὶ περὶ τῶν μητέρων αὐτῶν τῶν τετοκυῶν αὐτοὺς καὶ περὶ τῶν πατέρων αὐτῶν τῶν γεγεννηκότων αὐτοὺς ἐν τῇ γῆ ταύτῃ

- 4 Move maladi pral touye yo. P'ap gen moun ni pou kriye pou yo ni pou antere yo. Kadav yo va tounen fimye atè a. Y'ap mouri nan lagè, y'ap mouri grangou. Kadav yo ap sèvi manje pou zwezo nan syèl ak bèt nan bwa.
Death from evil diseases will overtake them; there will be no weeping for them and their bodies will not be put to rest; they will be like waste on the face of the earth: the sword and need of food will put an end to them; their dead bodies will be meat for the birds of heaven and for the beasts of the earth.
 ἐν θανάτῳ νοσερῶ ἀποθανοῦνται οὐ κοπήσονται καὶ οὐ ταφήσονται εἰς παράδειγμα ἐπὶ προσώπου τῆς γῆς ἔσονται καὶ τοῖς θηρίοις τῆς γῆς καὶ τοῖς πετεινοῖς τοῦ οὐρανοῦ ἐν μαχαίρᾳ πεσοῦνται καὶ ἐν λιμῷ συντελεσθήσονται
- 5 Wi, men sa Seyè a di ankò: -Pa antre nan kay kote ki gen lanmò. Pa kriye pou pesonn! Pa moutre moun sa yo ou nan lapenn pou yo, paske mwen p'ap kite yo ak kè poze ankò. Se mwen Seyè a ki di sa. Mwen p'ap gen pitye pou yo ankò. Mwen p'ap fè byen pou yo ankò.
For this is what the Lord has said: Do not go into the house of sorrow, do not go to make weeping or songs of grief for them: for I have taken away my peace from this people, says the Lord, even mercy and pity.
 τὰδε λέγει κύριος μὴ εἰσέλθῃς εἰς θίασον αὐτῶν καὶ μὴ πορευθῆς τοῦ κόψασθαι καὶ μὴ πενήθησῃς αὐτούς ὅτι ἀφέστακα τὴν εἰρήνην μου ἀπὸ τοῦ λαοῦ τούτου
- 6 Tout moun nan peyi a pral mouri, rich kou pòn. Yo p'ap antere yo. Pesonn p'ap kriye pou yo. Pesonn p'ap ni make kò yo ak kouto, ni koupe cheve nan tèt yo, pou moutre yo nan lapenn pou yo.
Death will overtake great as well as small in the land: their bodies will not be put in a resting-place, and no one will be weeping for them or wounding themselves or cutting off their hair for them: οὐ μὴ κόψονται αὐτούς οὐδὲ ἐντομίδας οὐ μὴ ποιήσωσιν καὶ οὐ ξυρήσονται
- 7 Pesonn p'ap manje pen ak diven avèk moun ki nan lapenn, avèk moun ki gen lanmò nan fanmi yo. Pesonn p'ap moutre yo nan lapenn ak moun ki pèdi papa yo osinon manman yo.
No one will make a feast for them in sorrow, to give them comfort for the dead, or put to their lips the cup of comfort on account of their father or their mother.
 καὶ οὐ μὴ κλασθῆ ἄρτος ἐν πένθει αὐτῶν εἰς παράκλησιν ἐπὶ τεθνηκότι οὐ ποτιοῦσιν αὐτὸν ποτήριον εἰς παράκλησιν ἐπὶ πατρὶ καὶ μητρὶ αὐτοῦ
- 8 Pa antre nan kay kote y'ap fè fèt non plis. Pa chita sou tab pou manje bwè ak yo.
And you are not to go into the house of feasting, or be seated with them to take food or drink.
 εἰς οἰκίαν πότου οὐκ εἰσελεύσῃ συγκαθίσαι μετ' αὐτῶν τοῦ φαγεῖν καὶ πιεῖν
- 9 Paske men sa mwen menm, Seyè a ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, mwen di: Nou tout k'ap viv isit la, m'ap fè nou wè m'ap fè tout moun sispann fè kè yo kontan, sispann fè fèt lè y'ap marye.
For the Lord of armies, the God of Israel, has said, See, before your eyes and in your days I will put an end in this place to the laughing voices and the voice of joy; to the voice of the newly-married man and the voice of the bride.
 διότι τὰδε λέγει κύριος ὁ θεὸς ἰσραηλ ἰδοὺ ἐγὼ καταλύω ἐκ τοῦ τόπου τούτου ἐνώπιον τῶν ὀφθαλμῶν ὑμῶν καὶ ἐν ταῖς ἡμέραις ὑμῶν φωνὴν χαρᾶς καὶ φωνὴν εὐφροσύνης φωνὴν νυμφίου καὶ φωνὴν νόμφης
- 10 ¶ Lè w'a di yo tou sa, y'a mande ou: Men, poukisa Seyè a pran desizyon pou li voye gwo malè sa a sou nou? Kisa nou fè ki mal? Ki krim nou fè ki pa fè Seyè a, Bondye nou an, plezi?
And it will be, that when you say all these words to the people, then they will say to you, Why has the Lord done all this evil against us? what is our wrongdoing and what is our sin which we have done against the Lord our God?
 καὶ ἔσται ὅταν ἀναγγείλῃς τῷ λαῷ τούτῳ ἅπαντα τὰ ῥήματα ταῦτα καὶ εἴπωσιν πρὸς σέ διὰ τί ἐλάλησεν κύριος ἐφ' ἡμᾶς πάντα τὰ κακὰ ταῦτα τίς ἡ ἀδικία ἡμῶν καὶ τίς ἡ ἁμαρτία ἡμῶν ἣν ἡμάρτομεν ἐναντι κυρίου τοῦ θεοῦ ἡμῶν
- 11 Lè sa a, w'a reponn yo: -Men sa Seyè a di: Se paske zansèt nou yo te vire do ban mwen, y' al dèyè lòt Bondye. Yo fè sèvis pou yo, yo adore yo, yo vire do ban mwen. Yo pa kenbe lòd mwen te ba yo.
Then you will say to them, Because your fathers have given me up, says the Lord, and have gone after other gods and become their servants and their worshippers, and have given me up and have not kept my law;
 καὶ ἐρεῖς αὐτοῖς ἀνθ' ὧν ἐγκατέλιπόν με οἱ πατέρες ὑμῶν λέγει κύριος καὶ ὄχοντο ὀπίσω θεῶν ἄλλοτριῶν καὶ ἐδοῦλευσαν αὐτοῖς καὶ προσεκύνησαν αὐτοῖς καὶ ἐμε ἐγκατέλιπον καὶ τὸν νόμον μου οὐκ ἐφυλάξαντο
- 12 Lèfini, nou menm nou fè pi mal pase yo. Nou tout ap fè tèt di, n'ap swiv tout vye lide ki pase nan tèt nou, nou pa vle koute m'.
And you have done worse evil than your fathers; for see, every one of you is guided by the pride of his evil heart, so as not to give ear to me:
 καὶ ὑμεῖς ἐπονηρεύσασθε ὑπὲρ τοῦ πατέρας ὑμῶν καὶ ἰδοὺ ὑμεῖς πορεύεσθε ἕκαστος ὀπίσω τῶν ἄρεστων τῆς καρδίας ὑμῶν τῆς πονηρίας τοῦ μὴ ὑπακούειν μου
- 13 Se konsa, m'ap mete nou deyò nan peyi sa a, m'ap voye nou nan yon peyi ni nou menm ni zansèt nou yo pa t' janm konnen. Se la nou pral sèvi lòt bondye lajounen kou lannwit. Mwen p'ap fè pa nou ankò.
For this reason I will send you away out of this land into a land which is strange to you, to you and to your fathers; there you will be the servants of other gods day and night, and you will have no mercy from me.
 καὶ ἀπορρίψω ὑμᾶς ἀπὸ τῆς γῆς ταύτης εἰς τὴν γῆν ἣν οὐκ ἤδατε ὑμεῖς καὶ οἱ πατέρες ὑμῶν καὶ δουλεύετε ἐκεῖ θεοῖς ἑτέροις οἱ οὐ δώσουσιν ὑμῖν ἔλεος

- 14 ¶ Se konsa, men sa Seyè a di: -Yon jou va rive lè moun pèp Izrayèl yo p'ap di lè y'ap fè sèman: Se nan non Seyè a ki vivan, li menm ki te fè nou soti kite peyi Lejip.
For this cause, see, the days are coming, says the Lord, when it will no longer be said, By the living Lord, who took the children of Israel up out of the land of Egypt.
διὰ τοῦτο ἰδοὺ ἡμέραι ἔρχονται λέγει κύριος καὶ οὐκ ἐροῦσιν ἔτι ζῆ κύριος ὁ ἀναγαγὼν τοὺς υἱοὺς Ἰσραὴλ ἐκ γῆς αἰγύπτου
- 15 Lè sa a, y'a di pito: Se nan non Seyè a ki vivan, li menm ki fè pèp Izrayèl la soti kite peyi nan nò a ak tout lòt peyi kote li te gaye yo. Wi, m'ap mennen yo tounen nan peyi mwen te bay zansèt yo a.
But, By the living Lord, who took the children of Israel up out of the land of the north, and from all the countries where he had sent them: and I will take them back again to their land which I gave to their fathers.
ἀλλὰ ζῆ κύριος ὁ ἀνήγαγεν τὸν οἶκον Ἰσραὴλ ἀπὸ γῆς βορρᾶ καὶ ἀπὸ πασῶν τῶν χωρῶν οὗ ἐξώσθησαν ἐκεῖ καὶ ἀποκαταστήσω αὐτοὺς εἰς τὴν γῆν αὐτῶν ἣν ἔδωκα τοῖς πατράσιν αὐτῶν
- 16 Seyè a di ankò: -Mwen voye chache anpil moun ki konn fè lapèch pou vin pran yo. Apre sa, m'ap voye chache kantite moun ki konn fè lachas pou kouri dèyè yo sou tout mòn, sou tout ti mòn, jouk nan twou wòch.
See, I will send for great numbers of fishermen, says the Lord, and they will take them like fish in a net; and after that, I will send for numbers of bowmen, and they will go after them, driving them from every mountain and from every hill, and out of the holes of the rocks.
ἰδοὺ ἐγὼ ἀποστέλλω τοὺς ἀλειῖς τοὺς πολλοὺς λέγει κύριος καὶ ἀλιεύσουσιν αὐτοὺς καὶ μετὰ ταῦτα ἀποστελῶ τοὺς πολλοὺς θηρευτάς καὶ θηρεύσουσιν αὐτοὺς ἐπάνω παντὸς ὄρους καὶ ἐπάνω παντὸς βουνοῦ καὶ ἐκ τῶν τρυμαλιῶν τῶν πετρῶν
- 17 Je m' louvri sou tou sa y'ap fè. Anyen pa kache pou mwen. Yo mèt kache kò yo jan yo vle, mwen wè tou sa yo fè ki mal.
For my eyes are on all their ways: there is no cover for them from my face, and their evil-doing is not kept secret from my eyes.
ὅτι οἱ ὀφθαλμοί μου ἐπὶ πάσας τὰς ὁδοὺς αὐτῶν καὶ οὐκ ἐκρύβη τὰ ἀδικήματα αὐτῶν ἀπέναντι τῶν ὀφθαλμῶν μου
- 18 Pou konmanse, m'ap fè yo peye doub pou tout peche yo, pou tou sa yo fè ki mal, paske yo derespekte tout peyi m' lan ak vye zidòl yo ki tankou kadav santi. Yo plen peyi a ak fo bondye.
And I will give them the reward of their evil-doing and their sin twice over; because they have made my land unclean, and have made my heritage full of the bodies of their unholy and disgusting things.
καὶ ἀνταποδώσω διπλᾶς τὰς ἀδικίας αὐτῶν καὶ τὰς ἀμαρτίας αὐτῶν ἐφ' αἷς ἐβεβήλωσαν τὴν γῆν μου ἐν τοῖς θνησιμαίοις τῶν βδελυγμάτων αὐτῶν καὶ ἐν ταῖς ἀνομίαις αὐτῶν ἐν αἷς ἐπλημμέλησαν τὴν κληρονομίαν μου
- 19 Seyè, ou menm ki tout pwoteksyon mwen, ou menm ki ban m' tout fòs mwen, se bò kote ou mwen kouri lè mwen nan pwoblèm. Moun lòt nasyon yo va soti byen lwen, nan dènve bout latè pou yo vin nan pye ou. Y'a di: -Sa zansèt nou yo te mouri kite pou nou yo pa bondye tout bon. Se yon bann zidòl ki pa yo anyen.
O Lord, my strength and my strong tower, my safe place in the day of trouble, the nations will come to you from the ends of the earth, and say, The heritage of our fathers is nothing but deceit, even false things in which there is no profit.
κύριε ἰσχύς μου καὶ βοήθειά μου καὶ καταφυγή μου ἐν ἡμέρᾳ κακῶν πρὸς σὲ ἔθνη ἤξουσιν ἀπ' ἐσχάτου τῆς γῆς καὶ ἐροῦσιν ὡς ψευδῆ ἐκτήσαντο οἱ πατέρες ἡμῶν εἰδῶλα καὶ οὐκ ἔστιν ἐν αὐτοῖς ὄφέλημα
- 20 Eske moun ka fè bondye pa yo? Zidòl sa yo pa bondye tout bon.
Will a man make for himself gods which are no gods?
εἰ ποιήσει ἑαυτῷ ἄνθρωπος θεοὺς καὶ οὗτοι οὐκ εἰσιν θεοί
- 21 Se konsa, fwa sa a, mwen pral fè yo konprann. Fwa sa a, mwen pral fè yo konnen fòs ponyèt mwen. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Bondye sèl Mèt la.
For this reason, truly, I will make them see, this once I will give them knowledge of my hand and my power; and they will be certain that my name is the Lord.
διὰ τοῦτο ἰδοὺ ἐγὼ δηλώσω αὐτοῖς ἐν τῷ καιρῷ τούτῳ τὴν χειρά μου καὶ γνωριῶ αὐτοῖς τὴν δύναμίν μου καὶ γνώσονται ὅτι ὄνομά μοι κύριος
- 5 ¶ Men sa Seyè a di ankò: -Madichon pou moun ki vire do ban mwen pou mete konfyans yo nan moun parèy yo, pou konte sou sa moun ap fè pou yo.
This is what the Lord has said: Cursed is the man who puts his faith in man, and makes flesh his arm, and whose heart is turned away from the Lord.
ἐπικατάρατος ὁ ἄνθρωπος ὁς τὴν ἐλπίδα ἔχει ἐπ' ἄνθρωπον καὶ στηρισεῖ σάρκα βραχίονος αὐτοῦ ἐπ' αὐτόν καὶ ἀπὸ κυρίου ἀποστή ἡ καρδία αὐτοῦ
- 6 Y'ap tankou yon ti pyebwa nan dezè k'ap pouse nan yon tè sèk, san dlo, nan yon tè sale kote pèsonn pa rete. Yo p'ap janm wè zafè yo mache byen.
For he will be like the brushwood in the upland, and will not see when good comes; but his living-place will be in the dry places in the waste land, in a salt and unpeopled land.
καὶ ἔσται ὡς ἡ ἀγριομυρική ἢ ἐν τῇ ἐρήμῳ οὐκ ὄνεται ὅταν ἔλθῃ τὰ ἀγαθὰ καὶ κατασκηνώσει ἐν ἀλίμοις καὶ ἐν ἐρήμῳ ἐν γῇ ἀμυρᾷ ἣτις οὐ κατοικεῖται
- 7 benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan Seyè a, wi, pou moun ki mete tout espwa yo nan li.
A blessing is on the man who puts his faith in the Lord, and whose hope the Lord is.
καὶ εὐλογημένος ὁ ἄνθρωπος ὁς πέποιθεν ἐπὶ τῷ κυρίῳ καὶ ἔσται κύριος ἐλπίς αὐτοῦ

- 8 L'ap tankou pyebwa yo plante bò larivyè, k'ap plonje rasin li nan dlo. Li pa pè anyen lè sezon chalè rive, paske fèy li yo ap toujou vèt. Te mèt gen yon lanne chechrès, sa pa fè l' anyen, l'ap toujou donner.
For he will be like a tree planted by the waters, pushing out its roots by the stream; he will have no fear when the heat comes, but his leaf will be green; in a dry year he will have no care, and will go on giving fruit.
καὶ ἔσται ὡς ξύλον εὐθηνούν παρ' ὕδατα καὶ ἐπὶ ἰκμάδα βαλεῖ ρίζας αὐτοῦ καὶ οὐ φοβηθήσεται ὅταν ἔλθῃ καύμα καὶ ἔσται ἐπ' αὐτῷ στελέχη ἀλώδη ἐν ἐνιαυτῷ ἀβροχίας οὐ φοβηθήσεται καὶ οὐ διαλείψει ποιῶν καρπὸν
- 9 Pa gen anyen ki ka twonpe moun pase sa ki nan kè lòt moun. Pa gen renmèd pou sa. Ki moun ki ka rive konprann sa k'ap pase nan kè lèzòm?
The heart is a twisted thing, not to be searched out by man: who is able to have knowledge of it?
βαθεῖα ἡ καρδία παρὰ πάντα καὶ ἀνθρωπός ἐστιν καὶ τίς γινώσεται αὐτόν
- 10 Mwen menm Seyè a, mwen konnen tout lide ki nan tèt yo, mwen sonde santiman ki nan kè yo. M'ap bay chak moun sa yo merite dapre jan yo mennen bak yo.
I the Lord am the searcher of the heart, the tester of the thoughts, so that I may give to every man the reward of his ways, in keeping with the fruit of his doings.
ἐγὼ κύριος ἐτάζων καρδίας καὶ δοκιμάζων νεφροῦς τοῦ δοῦναι ἑκάστῳ κατὰ τὰς ὁδοὺς αὐτοῦ καὶ κατὰ τοὺς καρποὺς τῶν ἐπιτηδευμάτων αὐτοῦ
- 11 Moun k'ap fè mal pou yo ka rive rich, yo tankou zwezo k'ap kouve ze yo pa t' ponn. Yo poko parèt, y'ap pèdi tou sa yo te genyen. Anvan yo mouri, yo gen tan pèdi tèt yo.
Like the partridge, getting eggs together but not producing young, is a man who gets wealth but not by right; before half his days are ended, it will go from him, and at his end he will be foolish.
ἐφώνησεν πέρδιξ συνήγαγεν ἃ οὐκ ἔτεκεν ποιῶν πλοῦτον αὐτοῦ οὐ μετὰ κρίσεως ἐν ἡμίσει ἡμερῶν αὐτοῦ ἐγκαταλείψουσιν αὐτόν καὶ ἐπ' ἐσχάτων αὐτοῦ ἔσται ἄφρων
- 12 ¶ Tanp nou an tankou yon bèl fotèy ki kanpe sou tèt mòn lan depi nan konmansman.
A seat of glory, placed on high from the first, is our holy place.
θρόνος δόξης ὑψωμένος ἀγίασμα ἡμῶν
- 13 Seyè! Se ou ki tout espwa pèp Izrayèl la. Tout moun ki lage ou pral wont. Moun ki vire do ba ou ap disparèt tankou non ki ekri sou sab, paske yo lage ou, Seyè, ou menm ki sous dlo fre a.
O Lord, the hope of Israel, all who give you up will be put to shame; those who go away from you will be cut off from the earth, because they have given up the Lord, the fountain of living waters.
ὑπομονὴ ἰσραὴλ κύριε πάντες οἱ καταλιπόντες σε κατασχυνθήτωσαν ἀφεστηκότες ἐπὶ τῆς γῆς γραφήτωσαν ὅτι ἐγκατέλιπον πηγὴν ζωῆς τὸν κύριον
- 14 Seyè, geri m' non, m'a gaya! Delivre m' non, m'a sove! Se pou ou m'a fè lwanj.
Make me well, O Lord, and I will be well; be my saviour, and I will be safe: for you are my hope.
ἴασαί με κύριε καὶ ἰαθήσομαι σώσόν με καὶ σωθήσομαι ὅτι καύχημά μου σὺ εἶ
- 15 Moun yo ap di mwen: Kote sa Seyè a te di a? Se pou l' rive vre!
See, they say to me, Where is the word of the Lord? let it come now.
ἰδοὺ αὐτοὶ λέγουσι πρὸς με ποῦ ἔστιν ὁ λόγος κυρίου ἐλθάτω
- 16 Men, Seyè, mwen pa t' janm kole deyè ou pou ou te voye malè sou yo! Mwen pa t' janm mande pou move tan tonbe sou yo! Seyè, ou konn sa! Se devan ou mwen te di tou sa m' te di.
As for me, I have not said; Let the day of trouble come to them quickly; and I have not been hoping for the death-giving day; you have knowledge of what came from my lips; it was open before you.
ἐγὼ δὲ οὐκ ἔκοπιασα κατακολουθῶν ὀπίσω σου καὶ ἡμέραν ἀνθρώπου οὐκ ἐπεθύμησα σὺ ἐπίστη τὰ ἐκπορευόμενα διὰ τῶν χειλέων μου πρὸ προσώπου σου ἔστιν
- 17 Tanpri, pa kite sa vire mal pou mwen! Jou malè se ou ki tout pwoteksyon m'!
Be not a cause of fear to me: you are my safe place in the day of evil.
μὴ γενηθῆς μοι εἰς ἀλλοτρίωσιν φειδόμενός μου ἐν ἡμέρᾳ πονηρᾶ
- 18 Se moun k'ap chache touye m' yo ki pou wont. Pa mwen. Se yo ki pou gen kè kase. Pa mwen. Fè malè tonbe sou yo. Kraze yo an miyèt moso!
Let them be put to shame who are attacking me, but let me not be shamed; let them be overcome with fear, but let me not be overcome: send on them the day of evil, and put them to destruction twice over.
κατασχυνθήτωσαν οἱ διώκοντές με καὶ μὴ κατασχυνθεῖν ἐγὼ πτοηθεῖσαν αὐτοὶ καὶ μὴ πτοηθεῖν ἐγὼ ἐπάγαγε ἐπ' αὐτοὺς ἡμέραν πονηρὰν δισδὸν σύντριμμα σύντριψον αὐτούς
- 19 ¶ Men sa Seyè a di ankò: -Al kanpe bò Pòtay Pèp la, kote wa Jida yo pase pou antre soti nan lavil la. W'a bay mesaj sa a. Lèfini, al kanpe bò tout lòt pòtay lavil yo, w'a di menm bagay la.
This is what the Lord has said to me: Go and take your place in the doorway of Benjamin, where the kings of Judah come in and by which they go out, and in all the doorways of Jerusalem;
τάδε λέγει κύριος βάδισον καὶ στήθι ἐν πύλαις υἰῶν λαοῦ σου ἐν αἷς εἰσπορεύονται ἐν αὐταῖς βασιλεῖς ἰουδα καὶ ἐν αἷς ἐκπορεύονται ἐν αὐταῖς καὶ ἐν πάσαις ταῖς πύλαις ἱερουσαλημ
- 20 W'a di yo: Nou menm, wa peyi Jida ak tout moun nan peyi a, nou tout moun lavil Jerizalèm ki pase nan pòtay sa yo, koute sa Seyè a di:
And say to them, Give ear to the word of the Lord, you kings of Judah, and all the people of Jerusalem who come in by these doors:
καὶ ἔρεῖς πρὸς αὐτούς ἀκούσατε λόγον κυρίου βασιλεῖς ἰουδα καὶ πᾶσα ἰουδαία καὶ πᾶσα ἱερουσαλημ οἱ εἰσπορευόμενοι ἐν ταῖς πύλαις ταύταις

- 21 Li te di si nou renmen lavi nou, pa pote ankenn chay jou repo a. Pa kite yo pote chay antre nan pòtay lavil Jerizalèm yo.
This is what the Lord has said: See to yourselves, that you take up no weight on the Sabbath day, or take it in through the doors of Jerusalem;
τάδε λέγει κύριος φυλάσσετε τὴν ψυχὴν ὑμῶν καὶ μὴ αἰρετε βαστάγματα ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων καὶ μὴ ἐκπορεύεσθε ταῖς πύλαις ἱερουσαλημ
- 22 Pa pote chay soti lakay nou jou repo a. Piga nou fè ankenn travay jou sa a. Se pou nou mete jou repo a apa pou Seyè a, jan mwen te bay zansèt nou yo lòd la.
And take no weight out of your houses on the Sabbath day, or do any work, but keep the Sabbath day holy, as I gave orders to your fathers;
καὶ μὴ ἐκφέρετε βαστάγματα ἐξ οἰκιῶν ὑμῶν ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων καὶ πᾶν ἔργον οὐ ποιήσετε ἀγιάσατε τὴν ἡμέραν τῶν σαββάτων καθὼς ἐνετειλάμην τοῖς πατράσιν ὑμῶν καὶ οὐκ ἤκουσαν καὶ οὐκ ἐκλιναν τὸ οὖς αὐτῶν
- 23 Men zansèt nou yo pa t' koute m', yo pa okipe sa m' te di yo a. Yo fè tèt di. Yo pa obeyi m'. Yo derefize fè sa m' te di yo fè.
But they gave no attention and would not give ear, but they made their necks stiff so that they might not give ear and might not get teaching.
καὶ ἐσκήρυναν τὸν τράχηλον αὐτῶν ὑπὲρ τοὺς πατέρας αὐτῶν τοῦ μὴ ἀκοῦσαί μου καὶ τοῦ μὴ δέξασθαι παιδείαν
- 24 Men sa mwen menm, Seyè a, mwen di: Si nou menm nou koute lòd mwen ban nou, si nou pa kite pesonn pote chay antre nan pòtay lavil la jou repo a, si nou kenbe jou repo a tankou yon jou nou mete apa pou mwen, si nou pa fè ankenn travay jou sa a,
And it will be, that if with all care you give ear to me, says the Lord, and take no weight through the doorways of this town on the Sabbath day, but keep the Sabbath day holy and do no work in it;
καὶ ἔσται ἐὰν ἀκοῇ ἀκούσῃτέ μου λέγει κύριος τοῦ μὴ εἰσφέρειν βαστάγματα διὰ τῶν πυλῶν τῆς πόλεως ταύτης ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων καὶ ἀγιάζειν τὴν ἡμέραν τῶν σαββάτων τοῦ μὴ ποιεῖν πᾶν ἔργον
- 25 Iè sa a, wa nou yo va antre nan pòtay lavil Jerizalèm yo ansanm ak chèf nou yo. Y'a chita sou fotèy wa David la. Yo menm ansanm ak tout pèp Jida a ak moun lavil Jerizalèm yo, y'a moute cha lagè yo ak chwal yo. Ap toujou plen moun nan lavil Jerizalèm.
Then through the doors of this town there will come kings and princes, seated on the seat of David, going in carriages and on horseback, they and their princes, and the men of Judah and the people of Jerusalem: and this town will keep its place for ever.
καὶ εἰσελεύσονται διὰ τῶν πυλῶν τῆς πόλεως ταύτης βασιλεῖς καὶ ἄρχοντες καθήμενοι ἐπὶ θρόνου δαυὶδ καὶ ἐπιβεβηκότες ἐφ' ἄρμασιν καὶ ἵπποις αὐτῶν αὐτοὶ καὶ οἱ ἄρχοντες αὐτῶν ἄνδρες ἰουδα καὶ οἱ κατοικοῦντες ἱερουσαλημ καὶ κατοικισθήσεται ἡ πόλις αὕτη εἰς τὸν αἰῶνα
- 26 Moun va soti nan tout lavil peyi Jida yo, nan tout vwazinaj lavil Jerizalèm lan, y'a soti nan peyi moun Benjamen yo, nan zòn ki nan pye mòn yo, nan mòn yo ak nan sid peyi Jida a, y'a pote bèt pou boule nèt pou Seyè a, bèt pou yo touye sou lotèl li a, ofrann grenn jaden yo ak lansan, ansanm ak ofrann pou di Bondye mèsè nan kay Seyè a.
And they will come from the towns of Judah, and from the places round about Jerusalem, and from the land of Benjamin, and from the lowlands, and from the mountains, and from the South, with burned offerings and offerings of beasts and meal offerings and perfume and offerings of praise, to the house of the Lord.
καὶ ἦξουσιν ἐκ τῶν πόλεων ἰουδα καὶ κυκλόθεν ἱερουσαλημ καὶ ἐκ γῆς βενιαμὴν καὶ ἐκ τῆς πεδινῆς καὶ ἐκ τοῦ ὄρους καὶ ἐκ τῆς πρὸς νότον φέροντες ὀλοκαυτώματα καὶ θυσίαν καὶ θυμιάματα καὶ μαννα καὶ λίβανον φέροντες αἶνεσιν εἰς οἶκον κυρίου
- 27 Tansèlman, si nou pa koute m', si nou pa mete jou repo a apa pou Bondye, si jou sa a nou pote chay, si nou kite moun antre nan pòtay lavil Jerizalèm yo ak chay, m'ap mete dife nan pòtay li yo. Dife a va boule tout gwo kay lavil Jerizalèm yo. Pesonn p'ap ka touye dife sa a.
But if you do not give ear to me, to keep the Sabbath day holy, and to let no weight be lifted and taken through the doors of Jerusalem on the Sabbath day: then I will put a fire in its doorways, burning up the great houses of Jerusalem, and it will never be put out.
καὶ ἔσται ἐὰν μὴ εἰσακούσῃτέ μου τοῦ ἀγιάζειν τὴν ἡμέραν τῶν σαββάτων τοῦ μὴ αἰρεῖν βαστάγματα καὶ μὴ εἰσπορεύεσθαι ταῖς πύλαις ἱερουσαλημ ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων καὶ ἀνάψω πῦρ ἐν ταῖς πύλαις αὐτῆς καὶ καταφάγεται ἄμφοδα ἱερουσαλημ καὶ οὐ σβεσθήσεται
- 1 ¶ Seyè a pale ak Jeremi ankò, li di l' konsa:
The word which came to Jeremiah from the Lord, saying,
ὁ λόγος ὁ γενόμενος παρὰ κυρίου πρὸς ιερεμὴν λέγων
- 2 -Leve non! Desann kay bòs k'ap fè krich yo. Rive la, m'a ba ou yon mesaj.
Up! go down to the potter's house, and there I will let my words come to your ears.
ἀνάστηθι καὶ κατέβηθι εἰς οἶκον τοῦ κεραμέως καὶ ἐκεῖ ἀκούσῃ τοὺς λόγους μου
- 3 Mwen desann vre kay bòs k'ap fè krich yo. Mwen wè msye t'ap bay yon krich fòm nan tou a.
Then I went down to the potter's house, and he was doing his work on the stones.
καὶ κατέβην εἰς τὸν οἶκον τοῦ κεραμέως καὶ ἰδοὺ αὐτὸς ἐποίει ἔργον ἐπὶ τῶν λίθων
- 4 Depi krich li t'ap fè a pa t' soti byen, li kraze l', li pran tè a, li fè yon lòt krich avè l' jan li te vle fè l' la.
καὶ εἰσήγαγέν με εἰς τὴν αὐλὴν οἴκου κυρίου τὴν ἐσωτέραν καὶ ἰδοὺ ἐπὶ τῶν προθύρων τοῦ ναοῦ κυρίου ἀνά μέσον τῶν αἰλαμ καὶ ἀνά μέσον τοῦ θυσιαστηρίου ὡς εἴκοσι ἄνδρες τὰ ὀπίσθια αὐτῶν πρὸς τὸν ναὸν τοῦ κυρίου καὶ τὰ πρόσωπα αὐτῶν ἀπέναντι καὶ οὗτοι προσκυνοῦσιν τῷ ἡλίῳ

- 17 Seyè a di m' konsa: -Nonm o! Eske ou wè sa? Moun peyi Jida sa yo ap fè tout vye bagay derespektan y'ap plede fè yo. Y'ap mache fè mechanste nan tout peyi a. Men sa pa kont yo toujou, se pou yo vini jouk isit la nan tanp lan pou fè yo, pou yo fè m' pi move toujou. Men y'ap fè move jès pou derespekte m', yo mete yon ti branch bwa anba nen yo.
Then he said to me, Have you seen this, O son of man? is it a small thing to the children of Judah that they do the disgusting things which they are doing here? for they have made the land full of violent behaviour, making me angry again and again: and see, they put the branch to my nose.
καὶ εἶπεν πρὸς με ἑώρακας υἱὲ ἀνθρώπου μὴ μικρὰ τῷ οἴκῳ ἰουδα τοῦ ποιεῖν τὰς ἀνομίας ὡς πεποιήκασιν ὧδε διότι ἐπλησαν τὴν γῆν ἀνομίας καὶ ἰδοὺ αὐτοὶ ὡς μυκτηρίζοντες
- 18 Mwen menm tou mwen pral fè yo santi jan mwen move sou yo. Yo mèt rele byen fò nan zòrèy mwen. Mwen p'ap tande yo. Mwen p'ap gen pitye pou yo. Yo mèt rele jan yo vle nan zòrèy mwen, mwen p'ap pran priyè.
For this reason I will let loose my wrath: my eye will not have mercy, and I will have no pity.
καὶ ἐγὼ ποιήσω αὐτοῖς μετὰ θυμοῦ οὐ φείσεται ὁ ὀφθαλμὸς μου οὐδὲ μὴ ἐλεήσω
- 1 ¶ Apre sa, mwen tande Bondye pale byen fò nan zòrèy mwen. Li di konsa: -Pwoche non, nou tout ki pral pini lavil la. Pwoche ak zam nou nan men nou!
Then crying out in my hearing in a loud voice, he said, Let the overseers of the town come near, every man armed.
καὶ ἀνέκραγεν εἰς τὰ ὄψα μου φωνὴ μεγάλη λέγων ἤγγικεν ἡ ἐκδίκησις τῆς πόλεως καὶ ἕκαστος εἶχεν τὰ σκευὴ τῆς ἐξολοθρευσεως ἐν χειρὶ αὐτοῦ
- 2 Lamenm, sis gason parèt nan pòtay ki bay sou nò nan lakou tanp lan. Yo chak te gen yon zam nan men yo. Nan mitan yo te gen yon nonm ak yon rad twal fin tou blan sou li. Li te gen yon poban lank mare nan ren l'. Yo antre, yo kanpe bò lotèl an kwiv la.
And six men came from the way of the higher doorway looking to the north, every man with his axe in his hand: and one man among them was clothed in linen, with a writer's inkpot at his side. And they went in and took their places by the brass altar.
καὶ ἰδοὺ ἕξ ἄνδρες ἤρχοντο ἀπὸ τῆς ὁδοῦ τῆς πύλης τῆς ὑψηλῆς τῆς βλεπούσης πρὸς βορρᾶν καὶ ἐκάστου πέλυξ ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ εἷς ἀνὴρ ἐν μέσῳ αὐτῶν ἐνδεδικώς ποδήρη καὶ ζώνη σαπφείρου ἐπὶ τῆς ὀσφύος αὐτοῦ καὶ εἰσήλθοσαν καὶ ἔστησαν ἐχόμενοι τοῦ θυσιαστηρίου τοῦ χαλκοῦ
- 3 Lè sa a, gwo bèl limyè ki make prezans Bondye pèp Izrayèl la soti anwo tèt bèt vivan yo kote l' te ye a, li deplase, li al rete nan papòt pou antre nan tanp lan. Seyè a rele nonm ak rad twal fin blan an ki te gen poban lank mare nan ren l' lan.
And the glory of the God of Israel had gone up from the winged ones on which it was resting, to the doorstep of the house. And crying out to the man clothed in linen who had the writer's inkpot at his side,
καὶ δόξα θεοῦ τοῦ ἰσραηλ ἀνέβη ἀπὸ τῶν χερουβὶν ἡ οὐσα ἐπ' αὐτῶν εἰς τὸ αἶθριον τοῦ οἴκου καὶ ἐκάλεσεν τὸν ἄνδρα τὸν ἐνδεδικότα τὸν ποδήρη ὃς εἶχεν ἐπὶ τῆς ὀσφύος αὐτοῦ τὴν ζώνην
- 4 Li di l' konsa: -Ale nan tout lavil Jerizalèm. Mete yon mak sou fwon tout moun w'a wè k'ap plenn, ki nan gwo lapenn pou tout vye bagay derespektan k'ap fèt nan lavil la.
The Lord said to him, Go through the town, through the middle of Jerusalem, and put a mark on the brows of the men who are sorrowing and crying for all the disgusting things which are done in it.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτόν διέλθε μέσῃ τὴν ἱερουσαλημ καὶ δὸς τὸ σημεῖον ἐπὶ τὰ μέτωπα τῶν ἀνδρῶν τῶν καταστεναζόντων καὶ τῶν κατοδυνομένων ἐπὶ πάσαις ταῖς ἀνομίαις ταῖς γινομέναις ἐν μέσῳ αὐτῆς
- 5 ¶ Mwen tande li di lòt mesye yo: -Mache dèyè l' nan tout lavil la. Epi touye! Pa gen pitye pou pesonn. Pa kite pesonn chape!
And to these he said in my hearing, Go through the town after him using your axes: do not let your eyes have mercy, and have no pity:
καὶ τούτοις εἶπεν ἀκούοντός μου πορεύεσθε ὀπίσω αὐτοῦ εἰς τὴν πόλιν καὶ κόπτετε καὶ μὴ φείδεσθε τοῖς ὀφθαλμοῖς ὑμῶν καὶ μὴ ἐλεήσητε
- 6 Touye ni granmoun, ni jenn gason, ni jenn fi, ni fanm, ni timoun. Men, pa manyen moun ki gen mak sou fwon yo. Konmanse depi nan tanp mwen an. Yo konmanse ak chèf fanmi ki te kanpe nan Tanp lan.
Give up to destruction old men and young men and virgins, little children and women: but do not come near any man who has the mark on him: and make a start at my holy place. So they made a start with the old men who were before the house.
πρεσβύτερον καὶ νεανίσκον καὶ παρθένον καὶ νήπια καὶ γυναῖκας ἀποκτείνετε εἰς ἐξάλειψιν ἐπὶ δὲ πάντας ἐφ' οὓς ἐστὶν τὸ σημεῖον μὴ ἐγγίσητε καὶ ἀπὸ τῶν ἁγίων μου ἄρξασθε καὶ ἤρξαντο ἀπὸ τῶν ἀνδρῶν τῶν πρεσβυτέρων οἳ ἦσαν ἔσω ἐν τῷ οἴκῳ
- 7 Bondye di yo: -Derespekte Tanp lan! Plen lakou a kadav. Ale non! Se konsa yo konmanse touye moun nan lavil la.
And he said to them, Make the house unclean, make the open places full of dead: go forward and send destruction on the town.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτούς μιάνατε τὸν οἶκον καὶ πλήσατε τὰς ὁδοὺς νεκρῶν ἐκπορευόμενοι καὶ κόπτετε
- 8 Pandan yo t'ap touye moun yo, mwen te rete pou kont mwen. Mwen tonbe ajenou, mwen bese tèt mwen atè, mwen rele byen fò: -Wouy! Seyè Bondye sèl Mèt la, èske ou pral touye tout rès pèp Izrayèl la, paske nan kòlè ou ou soti pou pini lavil Jerizalèm?
Now while they were doing so, and I was untouched, I went down on my face, and crying out, I said, Ah, Lord! will you give all the rest of Israel to destruction in letting loose your wrath on Jerusalem?
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ κόπτειν αὐτοὺς καὶ πίπτω ἐπὶ πρόσωπόν μου καὶ ἀνεβόησα καὶ εἶπα οἴμμοι κύριε ἐξαλείφεις σὺ τοὺς καταλοιπούς τοῦ ἰσραηλ ἐν τῷ ἐκχέαι σε τὸν θυμόν σου ἐπὶ ἱερουσαλημ

- 9 Li reponn mwen: -Moun peyi Izrayèl yo ansanm ak moun peyi Jida yo fè anpil wi! Se san k'ap koule toupatou nan peyi a. Lavil Jerizalèm plen moun k'ap fè lenjistis. Y'ap plede di mwen menm, Seyè a, mwen vire do bay peyi a, mwen pa wè yo.
Then he said to me, The sin of the children of Israel and Judah is very, very great, and the land is full of blood and the town full of evil ways: for they say, The Lord has gone away from the land, and the Lord does not see.
καὶ εἶπεν πρὸς με ἀδικία τοῦ οἴκου ἰσραὴλ καὶ ἰουδα μεμεγάλυνται σφόδρα σφόδρα ὅτι ἐπλήσθη ἡ γῆ λαῶν πολλῶν καὶ ἡ πόλις ἐπλήσθη ἀδικίας καὶ ἀκαθαρσίας ὅτι εἶπαν ἐγκαταλείουεν κύριος τὴν γῆν οὐκ ἐφορᾷ ὁ κύριος
- 10 Enben, mwen p'ap gen pitye pou yo, mwen p'ap fè pa yo. M'ap fè yo peye pou sa yo fè.
And as for me, my eye will not have mercy, and I will have no pity, but I will send the punishment of their ways on their heads.
καὶ οὐ φείσεται μου ὁ ὀφθαλμός οὐδὲ μὴ ἐλειήσω τὰς ὁδοὺς αὐτῶν εἰς κεφαλὰς αὐτῶν δέδωκα
- 11 Apre sa, nonm ki te gen rad twal fin tou blan sou li a ak poban lank mare nan ren l' lan tounen. Li fè rapò l' bay Seyè a, li di l' konsa: -Mwen fè tou sa ou te ban m' lòd fè a.
Then the man clothed in linen, who had the inkpot at his side, came back and said, I have done what you gave me orders to do.
καὶ ἰδοὺ ὁ ἀνὴρ ὁ ἐνδευκότος τὸν ποδήρη καὶ ἐξωσμένος τῆ ζώνῃ τὴν ὄσφιν αὐτοῦ καὶ ἀπεκρίνατο λέγων πεποιήκα καθὼς ἐνετείλω μοι
- 1 ¶ Mwen gade gwo bòl kristal ki te sou tèt kat bèt vivan yo. Anwo yo, mwen wè yon bagay ou ta di yon gwo fotèy fèt an pyè safi.
Then looking, I saw that on the arch which was over the head of the winged ones there was seen even what seemed like a sapphire stone, having the form of a king's seat.
καὶ εἶδον καὶ ἰδοὺ ἐπάνω τοῦ στερεώματος τοῦ ὑπὲρ κεφαλῆς τῶν χερουβιν ὡς λίθος σαφείρου ὁμοίωμα θρόνου ἐπ' αὐτῶν
- 2 Bondye pale ak nonm ki te gen rad twal fin tou blan an. Li di l' konsa: -Antre nan fant ki nan mitan wou yo, anba bèt vivan yo. Pran yon ponyen chabon dife tou limen. Lèfini, gaye yo sou tout lavil la. Mwen wè l' ale vre.
And he said to the man clothed in linen, Go in between the wheels, under the winged ones, and get your two hands full of burning coals from between the winged ones and send them in a shower over the town. And he went in before my eyes.
καὶ εἶπεν πρὸς τὸν ἄνδρα τὸν ἐνδευκότα τὴν στολὴν εἰσελθε εἰς τὸ μέσον τῶν τροχῶν τῶν ὑποκάτω τῶν χερουβιν καὶ πλήσον τὰς δράκας σου ἀνθράκων πυρὸς ἐκ μέσου τῶν χερουβιν καὶ διασκόρπισον ἐπὶ τὴν πόλιν καὶ εἰσήλθεν ἐνώπιόν μου
- 3 Gwo bèt vivan yo te kanpe sou bò sid tanp lan lè li antre a. Yon gwo nwaj anvayi tout lakou anndan tanp lan.
Now the winged ones were stationed on the right side of the house when the man went in; and the inner square was full of the cloud.
καὶ τὰ χερουβιν εἰστήκει ἐκ δεξιῶν τοῦ οἴκου ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαι τὸν ἄνδρα καὶ ἡ νεφέλη ἐπλησεν τὴν αὐλὴν τὴν ἐσωτέραν
- 4 Bèl limyè prezans Seyè a leve anwo tèt bèt vivan yo, li al kanpe nan papòt tanp lan. Nwaj la anvayi tout tanp lan. Lakou a menm te klere ak gwo limyè prezans Seyè a.
And the glory of the Lord went up from the winged ones and came to rest over the doorstep of the house; and the house was full of the cloud and the open square was full of the shining of the Lord's glory.
καὶ ἀπῆρεν ἡ δόξα κυρίου ἀπὸ τῶν χερουβιν εἰς τὸ αἶθριον τοῦ οἴκου καὶ ἐπλησεν τὸν οἶκον ἡ νεφέλη καὶ ἡ αὐλὴ ἐπλήσθη τοῦ φέγγους τῆς δόξης κυρίου
- 5 Yo te ka tandè bri zèl bèt vivan yo jouk nan lakou deyò a. Se te tankou vwa Bondye ki gen tout pouvwa a lè l'ap pale.
And the sound of the wings of the winged ones was clear even in the outer square, like the voice of the Ruler of all.
καὶ φωνὴ τῶν περὶ τῶν χερουβιν ἠκούετο ἕως τῆς αὐλῆς τῆς ἐξωτέρας ὡς φωνὴ θεοῦ σαδδαι λαλοῦντος
- 6 Lè Seyè a te bay nonm ak rad twal fin blan an lòd pou l' te al pran chabon dife nan mitan wou yo, nonm lan ale, li kanpe toupre yonn nan wou yo.
And when he gave orders to the man clothed in linen, saying, Take fire from between the wheels, from between the winged ones, then he went in and took his place at the side of a wheel.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἐντέλλεσθαι αὐτὸν τῷ ἀνδρὶ τῷ ἐνδευκότῃ τὴν στολὴν τὴν ἁγίαν λέγων λαβὲ πῦρ ἐκ μέσου τῶν τροχῶν ἐκ μέσου τῶν χερουβιν καὶ εἰσήλθεν καὶ ἔστη ἐχόμενος τῶν τροχῶν
- 7 Yonn nan bèt vivan yo lonje men l' nan dife ki te nan mitan yo a, li pran kèk chabon dife, li mete yo nan men nonm ak rad twal fin blan an. Nonm lan pran chabon dife yo, li sot.
And stretching out his hand to the fire which was between the winged ones, he took some of it and went out.
καὶ ἐξέτεινεν τὴν χεῖρα αὐτοῦ εἰς μέσον τοῦ πυρὸς τοῦ ὄντος ἐν μέσῳ τῶν χερουβιν καὶ ἔλαβεν καὶ ἔδωκεν εἰς τὰς χεῖρας τοῦ ἐνδευκότος τὴν στολὴν τὴν ἁγίαν καὶ ἔλαβεν καὶ ἐξήλθεν
- 8 ¶ Lè sa a, mwen wè bèt vivan yo te gen yon bagay ki te sanble ak men moun anba zèl yo.
And I saw the form of a man's hands among the winged ones under their wings.
καὶ εἶδον τὰ χερουβιν ὁμοίωμα χειρῶν ἀνθρώπων ὑποκάτωθεν τῶν περὶ τῶν αὐτῶν
- 9 Mwen gade, mwen wè te gen kat wou, yonn bò kote chak bèt vivan yo. Wou yo te klere tankou pyè krizolit.
And looking, I saw four wheels by the side of the winged ones, one wheel by the side of a winged one and another wheel by the side of another: and the wheels were like the colour of a beryl stone to the eye.
καὶ εἶδον καὶ ἰδοὺ τροχοὶ τέσσαρες εἰστήκεισαν ἐχόμενοι τῶν χερουβιν τροχὸς εἷς ἐχόμενος χερουβ ἑνός καὶ ἡ ὄψις τῶν τροχῶν ὡς ὄψις λίθου ἀνθράκος

- 10 Chak wou te gen yon lòt wou antravè nan mitan yo. Kat wou yo te gen menm fòm.
In form the four of them were all the same, they seemed like a wheel inside a wheel.
καὶ ἡ ὄψις αὐτῶν ὁμοίωμα ἐν τοῖς τέσσαρσιν ὃν τρόπον ὅταν ἡ τροχὸς ἐν μέσῳ τροχοῦ
- 11 Lè bèt vivan yo ap mache, yo te gen dwa pran nenpòt ki direksyon san yo pa bezwen vire. Yo te mache ansanm nan direksyon yo te vle ale, san yo pa t' bezwen vire.
When they were moving, they went on their four sides without turning; they went after the head in the direction in which it was looking; they went without turning.
ἐν τῷ πορεύεσθαι αὐτὰ εἰς τὰ τέσσαρα μέρη αὐτῶν ἐπορεύοντο οὐκ ἐπέστρεφον ἐν τῷ πορεύεσθαι αὐτὰ ὅτι εἰς ὃν ἂν τόπον ἐπέβλεψεν ἡ ἀρχὴ ἢ μία ἐπορεύοντο καὶ οὐκ ἐπέστρεφον ἐν τῷ πορεύεσθαι αὐτὰ
- 12 Yo te gen je sou tout kò yo, nan do yo, sou tout men yo, nan zèl yo. Te gen je sou tout kat wou yo tou.
And the edges of the four wheels were full of eyes round about.
καὶ οἱ νῶτοι αὐτῶν καὶ αἱ χεῖρες αὐτῶν καὶ αἱ πτέρυγες αὐτῶν καὶ οἱ τροχοὶ πλήρεις ὀφθαλμῶν κυκλόθεν τοῖς τέσσαρσιν τροχοῖς αὐτῶν
- 13 Wou yo te tankou wou mwen te wè nan premye vizyon mwen an. Mwen tande yo te rele wou yo Toubouyon.
As for the wheels, they were named in my hearing, the circling wheels.
τοῖς δὲ τροχοῖς τούτοις ἐπεκλήθη γελγελ ἀκούοντός μου
- 15 Se te menm bèt mwen te wè bò larivyè Keba a. Lè yo vole anlè,
And the winged ones went up on high: this is the living being which I saw by the river Chebar.
καὶ ἦραν τὰ χερουβιν τοῦτο τὸ ζῷον ὃ εἶδον ἐπὶ τοῦ ποταμοῦ τοῦ χοβαρ
- 16 y'ap deplase, wou yo deplase ansanm avèk yo tou. Lè yo louvri zèl yo pou yo vole, wou yo vole ansanm ak yo tou.
And when the winged ones went, the wheels went by their side: and when their wings were lifted to take them up from the earth, the wheels were not turned from their side.
καὶ ἐν τῷ πορεύεσθαι τὰ χερουβιν ἐπορεύοντο οἱ τροχοὶ καὶ οὗτοι ἐχόμενοι αὐτῶν καὶ ἐν τῷ ἐξείρειν τὰ χερουβιν τὰς πτέρυγας αὐτῶν τοῦ μετεωρίζεσθαι ἀπὸ τῆς γῆς οὐκ ἐπέστρεφον οἱ τροχοὶ αὐτῶν
- 17 Lè bèt vivan yo rete an plas, wou yo rete an plas tou. Lè bèt vivan yo vole, wou yo vole ak yo tou, paske se gwo bèt vivan yo ki t'ap kontwole wou yo.
When they were at rest in their place, these were at rest; when they were lifted up, these went up with them: for the spirit of life was in them.
ἐν τῷ ἐστάναι αὐτὰ εἰστήκεισαν καὶ ἐν τῷ μετεωρίζεσθαι αὐτὰ ἐμετεωρίζοντο μετ' αὐτῶν διότι πνεῦμα ζωῆς ἐν αὐτοῖς ἦν
- 18 Lè sa a, bèl limyè prezans Seyè a soti bò papòt tanp lan, li al kanpe anwo bèt vivan yo.
Then the glory of the Lord went out from the doorstep of the house, and came to rest over the winged ones.
καὶ ἐξῆλθεν δόξα κυρίου ἀπὸ τοῦ οἴκου καὶ ἐπέβη ἐπὶ τὰ χερουβιν
- 19 Bèt vivan yo louvri zèl yo. Yo vole soti sou tè a devan je m'. Epi wou yo vole ale ak yo tou. Y' al poze sou papòt pòtay tanp Seyè a ki bay sou bò solèy leve. Bèl limyè prezans Bondye pèp Izrayèl la te anlè yo.
And the winged ones, lifting up their wings, went up from the earth before my eyes, with the wheels by their side: and they came to rest at the east doorway of the Lord's house; and the glory of the God of Israel was over them on high.
καὶ ἀνέλαβον τὰ χερουβιν τὰς πτέρυγας αὐτῶν καὶ ἐμετεωρίσθησαν ἀπὸ τῆς γῆς ἐνώπιον ἐμοῦ ἐν τῷ ἐξελεῖν αὐτὰ καὶ οἱ τροχοὶ ἐχόμενοι αὐτῶν καὶ ἔστησαν ἐπὶ τὰ πρόθυρα τῆς πύλης οἴκου κυρίου τῆς ἀπέναντι καὶ δόξα θεοῦ ἰσραηλ ἦν ἐπ' αὐτῶν ὑπεράνω
- 20 Mwen rekonèt se te menm bèt vivan mwen te wè anba Bondye pèp Izrayèl la bò larivyè Keba.
This is the living being which I saw under the God of Israel by the river Chebar; and it was clear to me that they were the winged ones.
τοῦτο τὸ ζῷόν ἐστιν ὃ εἶδον ὑποκάτω θεοῦ ἰσραηλ ἐπὶ τοῦ ποταμοῦ τοῦ χοβαρ καὶ ἔγνων ὅτι χερουβιν ἐστίν
- 21 Yo chak te gen kat figi, kat zèl ak yon fòm men moun anba chak zèl.
Every one had four faces and every one had four wings; and hands like a man's hands were under their wings.
τέσσαρα πρόσωπα τῷ ἐνὶ καὶ ὀκτὼ πτέρυγες τῷ ἐνὶ καὶ ὁμοίωμα χειρῶν ἀνθρώπου ὑποκάτωθεν τῶν πτερύγων αὐτῶν
- 22 Figi yo se te menm figi mwen te wè bò larivyè Keba a. Chak bèt vivan t'ap mache dwat devan yo.
As for the form of their faces, they were the faces whose form I saw by the river Chebar; when they went, every one of them went straight forward.
καὶ ὁμοίωσις τῶν προσώπων αὐτῶν ταῦτα τὰ πρόσωπά ἐστιν ἃ εἶδον ὑποκάτω τῆς δόξης θεοῦ ἰσραηλ ἐπὶ τοῦ ποταμοῦ τοῦ χοβαρ καὶ αὐτὰ ἕκαστον κατὰ πρόσωπον αὐτῶν ἐπορεύοντο

- 1 ¶ Apre sa, Lespri Bondye a pran m', li leve m' anlè, li mennen m' bò gwo pòtay tanp lan ki bay sou solèy leve. Toupre pòtay la, mwen wè vennsenk gason. Pami yo te gen de chèf peyi a, Jazanya, pitit gason Azou a, ak Pelatya, pitit gason Benaja a.
 And the wind, lifting me up, took me to the east doorway of the Lord's house, looking to the east; and at the door I saw twenty-five men; and among them I saw Jaazaniah, the son of Azzur, and Pelatiah, the son of Benaiah, rulers of the people.
 και ἀνέλαβέν με πνεῦμα και ἤγαγέν με ἐπὶ τὴν πύλην τοῦ οἴκου κυρίου τὴν κατέναντι τὴν βλέπουσαν κατὰ ἀνατολάς και ἰδοὺ ἐπὶ τῶν προθύρων τῆς πύλης ὡς εἴκοσι και πέντε ἄνδρες και εἶδον ἐν μέσῳ αὐτῶν τὸν ιεζονιαν τὸν τοῦ ἐξερ και φαλτιαν τὸν τοῦ βαβαιου τοὺς ἀφιγνομένους τοῦ λαοῦ
- 2 Bondye di m' konsa: -Nonm o! Mesye sa yo gen move lide ap travay deyè tèt yo. Y'ap bay move konsèy nan lavil la.
 Then he said to me, Son of man, these are the men who are designing evil, who are teaching evil ways in this town:
 και εἶπεν κύριος πρὸς με υἱὲ ἀνθρώπου οὗτοι οἱ ἄνδρες οἱ λογιζόμενοι μάταια και βουλευόμενοι βουλὴν πονηρὰν ἐν τῇ πόλει ταύτῃ
- 3 Y'ap plede di: Talè konsa nou p'ap ka bati kay ankò! Lavil la tankou yon chodyè sou dife, nou menm, nou tankou vyann ladan l'. Nou pa bezwen fè anyen kote nou ye a.
 Who say, This is not the time for building houses: this town is the cooking-pot and we are the flesh.
 οἱ λέγοντες οὐχὶ προσφάτως ὀκοδοῦνται αἱ οἰκίαι αὕτη ἐστὶν ὁ λέβηθς ἡμεῖς δὲ τὰ κρέα
- 4 Se poutèt sa, nonm o! Men mesaj m'ap ba ou pou ou di sou yo.
 For this cause be a prophet against them, be a prophet, O son of man.
 διὰ τοῦτο προφήτευσον ἐπ' αὐτούς προφήτευσον υἱὲ ἀνθρώπου
- 5 Lespri Seyè a desann sou mwen ankò. Seyè a ban m' lòd pou m' bay pèp la mesaj sa a: -Nou menm fanmi Izrayèl la, mwen konnen sa n'ap di, mwen konnen lide nou gen deyè tèt nou.
 And the spirit of the Lord came on me, and he said to me, Say, These are the words of the Lord: This is what you have said, O children of Israel; what comes into your mind is clear to me.
 και ἔπεσεν ἐπ' ἐμὲ πνεῦμα κυρίου και εἶπεν πρὸς με λέγε τάδε λέγει κύριος οὕτως εἶπατε οἶκος ἰσραηλ και τὰ διαβούλια τοῦ πνεύματος ὑμῶν ἐγὼ ἐπίσταμαι
- 6 Nou sitèlman touye moun isit nan lavil la, lari yo plen kadav.
 You have made great the number of your dead in this town, you have made its streets full of dead men.
 ἐπληθύνετε νεκροὺς ὑμῶν ἐν τῇ πόλει ταύτῃ και ἐνεπλήσατε τὰς ὁδοὺς αὐτῆς τραυματιῶν
- 7 Konsa, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, m'ap di nou: Wi, lavil la tankou yon chodyè. Men kisa ki vyann lan? Se kadav moun nou touye yo! Nou menm menm m'ap fè yo mete nou deyò nan lavil la.
 For this reason the Lord has said: Your dead whom you have put down in its streets, they are the flesh, and this town is the cooking-pot: but I will make you come out from inside it.
 διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος τοὺς νεκροὺς ὑμῶν οὓς ἐπατάξατε ἐν μέσῳ αὐτῆς οὗτοί εἰσιν τὰ κρέα αὕτη δὲ ὁ λέβηθς ἐστὶν και ὑμᾶς ἐξάξω ἐκ μέσου αὐτῆς
- 8 Nou pè lagè, pa vre? Enben, m'ap voye lagè sou nou! Se mwen menm menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
 You have been fearing the sword, and I will send the sword on you, says the Lord.
 ῥομφαίαν φοβεῖσθε και ῥομφαίαν ἐπάξω ἐφ' ὑμᾶς λέγει κύριος
- 9 M'ap fè yo mete nou deyò nan lavil la. M'ap lage nou nan men moun lòt nasyon yo. M'ap pini nou jan m' te pwomèt nou sa a.
 I will make you come out from inside the town and will give you up into the hands of men from other lands, and will be judge among you.
 και ἐξάξω ὑμᾶς ἐκ μέσου αὐτῆς και παραδώσω ὑμᾶς εἰς χεῖρας ἀλλοτρίων και ποιήσω ἐν ὑμῖν κρίματα
- 10 N'ap mourì nan lagè nan mitan peyi nou an. Se la m'ap pini nou. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 You will come to your death by the sword; and I will be your judge in the land of Israel; and you will be certain that I am the Lord.
 ἐν ῥομφαίᾳ πεσεῖσθε ἐπὶ τῶν ὀρίων τοῦ ἰσραηλ κρινῶ ὑμᾶς και ἐπιγνώσεσθε ὅτι ἐγὼ κύριος
- 11 Lavil sa a p'ap pwoteje nou jan chodyè pwoteje vyann ki ladan l'. Se nan mitan peyi Izrayèl la menm m'ap pini nou.
 This town will not be your cooking-pot, and you will not be the flesh inside it; I will be your judge at the limit of the land of Israel;
 αὕτη ὑμῖν οὐκ ἔσται εἰς λέβηθα και ὑμεῖς οὐ μὴ γένησθε ἐν μέσῳ αὐτῆς εἰς κρέα ἐπὶ τῶν ὀρίων τοῦ ἰσραηλ κρινῶ ὑμᾶς
- 12 Wi, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a. Pase pou nou te swiv lòd mwen yo, pase pou n' te fè sa m' mande nou fè, nou te pito swiv vye mès pèp k'ap viv nan peyi ki bò kote nou yo.
 And you will be certain that I am the Lord: for you have not been guided by my rules or given effect to my orders, but you have been living by the orders of the nations round about you.
 και ἐπιγνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος

- 13 Antan m'ap bay mesaj la, Pelatya, pitit gason Benaja a, tonbe li mouri frèt. Mwen lage kò m' ajenou, mwen bese tèt mwen jouk atè, mwen rele byen fò, mwen di: -O Seyè, Bondye sèl Mèt la! Eske ou pral touye ti rès moun ki rete nan pèp Izrayèl la?
Now while I was saying these things, death came to Pelatiah, the son of Benaiah. Then falling down on my face and crying out with a loud voice, I said, Ah, Lord! will you put an end to all the rest of Israel?
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ προφητεύειν με καὶ φωνή οὗ τοῦ βαναιου ἀπέθανεν καὶ πίπτω ἐπὶ πρόσωπόν μου καὶ ἀνεβόησα φωνὴ μεγάλη καὶ εἶπα οἴμοι οἴμοι κύριε εἰς συντέλειαν σὺ ποιεῖς τοὺς καταλοίπους τοῦ ἰσραηλ.
- 14 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 15 -Nonm o! Moun ki rete lavil Jerizalèm yo ap pale sou ou, sou frè ou, sou fanmi ou, sou tout moun pèp Izrayèl yo te depòte yo. Y'ap di: Moun yo depòte yo twò lwen pou yo ka fè sèvis pou Seyè a, se konsa Seyè a ban nou peyi a pou rele nou pa nou.
Son of man, your countrymen, your relations, and all the children of Israel, all of them, are those to whom the people of Jerusalem have said, Go far from the Lord; this land is given to us for a heritage:
οὐκ ἀνθρώπου οἱ ἀδελφοί σου καὶ οἱ ἄνδρες τῆς αἰχμαλωσίας σου καὶ πᾶς ὁ οἶκος τοῦ ἰσραηλ συντετέλεσται οἷς εἶπαν αὐτοῖς οἱ κατοικοῦντες ἱερουσαλημ μακρὰν ἀπέχετε ἀπὸ τοῦ κυρίου ἡμῖν δέδοται ἡ γῆ εἰς κληρονομίαν
- 16 Se poutèt sa, men mesaj Seyè a, Bondye sèl Mèt la, bay pou moun yo depòte yo. Wi, se mwen menm ki te voye yo al viv byen lwen nan mitan lòt nasyon yo, mwen gaye yo nan yon bann lòt peyi. Men, m'ap toujou la avèk yo nan peyi kote yo ale a tankou si m' te nan kay yo mete apa pou mwen an.
For this reason say, This is what the Lord has said: Though I have had them moved far off among the nations, and though I have sent them wandering among the countries, still I have been a safe place for them for a little time in the countries where they have come.
διὰ τοῦτο εἰπὸν τάδε λέγει κύριος ὅτι ἀπόσομαι αὐτοὺς εἰς τὰ ἔθνη καὶ διασκοπιῶ αὐτοὺς εἰς πᾶσαν τὴν γῆν καὶ ἔσομαι αὐτοῖς εἰς ἄγισμα μικρὸν ἐν ταῖς χώραις οὗ ἂν εἰσέλθωσιν ἐκεῖ
- 17 Se poutèt sa, men sa mwen menm, Seyè a, Bondye sèl Mèt la, m'ap di yo: M'ap pran yo nan mitan nasyon kote mwen te gaye yo a, m'ap sanble yo. M'ap fè yo soti kite peyi sa yo, m'ap ba yo peyi Izrayèl la ankò pou yo.
Then say, This is what the Lord has said: I will get you together from the peoples, and make you come out of the countries where you have been sent in flight, and I will give you the land of Israel.
διὰ τοῦτο εἰπὸν τάδε λέγει κύριος καὶ εἰσδέξομαι αὐτοὺς ἐκ τῶν ἐθνῶν καὶ συνάξω αὐτοὺς ἐκ τῶν χωρῶν οὗ διεσπείρα αὐτοὺς ἐν αὐταῖς καὶ δώσω αὐτοῖς τὴν γῆν τοῦ ἰσραηλ.
- 18 Lè y'a tounen, y'a wete tout vye zidòl y'a jwenn ansanm ak tout vye bagay derespektan ki t'ap fèt nan peyi a.
And they will come there, and take away all the hated and disgusting things from it.
καὶ εἰσελεύσονται ἐκεῖ καὶ ἐξαροῦσιν πάντα τὰ βδελύγματα αὐτῆς καὶ πάσας τὰς ἀνομίας αὐτῆς ἐξ αὐτῆς
- 19 M'ap ba yo yon lòt kè, yon lòt lespri. M'ap wete kè di kou wòch yo te genyen nan lestonmak yo a, m'ap ba yo yon kè ki gen bon santiman.
And I will give them a new heart, and I will put a new spirit in them; and I will take the heart of stone out of their flesh and give them a heart of flesh:
καὶ δώσω αὐτοῖς καρδίαν ἐτέραν καὶ πνεῦμα καινὸν δώσω ἐν αὐτοῖς καὶ ἐκπάσω τὴν καρδίαν τὴν λιθίνην ἐκ τῆς σαρκὸς αὐτῶν καὶ δώσω αὐτοῖς καρδίαν σαρκίνη
- 20 Konsa, y'a mache dapre lòd m'a ba yo. Y'a fè tou sa m'a mande yo fè. Y'a koute m' lè m'a pale yo. Se pèp pa m' lan menm yo pral ye, mwen menm mwen pral Bondye yo.
So that they may be guided by my rules and keep my orders and do them: and they will be to me a people, and I will be to them a God.
ὅπως ἐν τοῖς προτάγμασίν μου πορεύονται καὶ τὰ δικαιώματά μου φυλάσωνται καὶ ποιῶσιν αὐτά καὶ ἔσονται μοι εἰς λαόν καὶ ἐγὼ ἔσομαι αὐτοῖς εἰς θεόν
- 21 Men, m'ap pini moun ki pa vle lage vye zidòl yo, ki toujou soti pou yo fè vye bagay derespektan yo. M'ap pini yo pou sa yo fè. Se mwen menm, Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki pale.
But as for those whose heart goes after their hated and disgusting things, I will send on their heads the punishment of their ways, says the Lord.
καὶ εἰς τὴν καρδίαν τῶν βδελυγμάτων αὐτῶν καὶ τῶν ἀνομιῶν αὐτῶν ὡς ἡ καρδία αὐτῶν ἐπορεύετο τὰς ὁδοὺς αὐτῶν εἰς κεφαλὰς αὐτῶν δέδωκα λέγει κύριος
- 22 ¶ Bèt vivan yo pran vole, wou yo pati ansanm ak yo. Bèl limyè prezans Bondye pèp Izrayèl la te anwo yo.
Then the wings of the winged ones were lifted up, and the wheels were by their side; and the glory of the God of Israel was over them on high.
καὶ ἐξήρην τὰ χερουβὶν τὰς πτέρυγας αὐτῶν καὶ οἱ τροχοὶ ἐχώμενοι αὐτῶν καὶ ἡ δόξα θεοῦ ἰσραηλ ἐπ' αὐτὰ ὑπεράνω αὐτῶν
- 23 Bèl limyè prezans Seyè a soti kite lavil la, li ale poze sou mòn ki te sou bò solèy leve a.
And the glory of the Lord went up from inside the town, and came to rest on the mountain on the east side of the town.
καὶ ἀνέβη ἡ δόξα κυρίου ἐκ μέσης τῆς πόλεως καὶ ἔστη ἐπὶ τοῦ ὄρους ὃ ἦν ἀπέναντι τῆς πόλεως
- 24 Nan vizyon an toujou, mwen wè lespri Bondye a pran m', li mennen m' tounen lavil Babilòn nan mitan moun yo te depòte yo. Lèfini, vizyon an disparèt.
And the wind, lifting me up, took me in the visions of God into Chaldaea, to those who had been taken away as prisoners. So the vision which I had seen went away from me.
καὶ ἀνέλαβέν με πνεῦμα καὶ ἤγαγεν με εἰς γῆν χαλδαίων εἰς τὴν αἰχμαλωσίαν ἐν ὁράσει ἐν πνεύματι θεοῦ καὶ ἀνέβην ἀπὸ τῆς ὁράσεως ἧς εἶδον

- 25 Mwen rakonte moun yo te depòte yo tou sa Seyè a te fè m' wè.
Then I gave an account to those who had been taken prisoners of all the things which the Lord had made me see.
καὶ ἐλάλησα πρὸς τὴν αἰχμαλωσίαν πάντας τοὺς λόγους τοῦ κυρίου οὓς ἔδειξέν μοι
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Se nan mitan yon move ras moun ki gen tèt di ou rete la a. Yo gen je, men yo pa wè anyen. Yo gen zòrèy, men yo pa tande anyen, paske se yon move ras moun wòklò ki gen tèt di yo ye.
Son of man, you are living among an uncontrolled people, who have eyes to see but see not, and ears for hearing but they do not give ear; for they are an uncontrolled people.
οὐκ ἄνθρωπου ἐν μέσῳ τῶν ἀδικιῶν αὐτῶν σὺ κατοικεῖς οἱ ἔχουσιν ὀφθαλμοὺς τοῦ βλέπειν καὶ οὐ βλέπουσιν καὶ ὄτα ἔχουσιν τοῦ ἀκούειν καὶ οὐκ ἀκούουσιν διότι οἶκος παραπικραίνων ἐστίν
- 3 Koulye a, ou menm nonm o! Fè pakèt ou tankou yon moun k'ap kouri pou danje. Pati kite peyi a devan je yo gwo lajounen. W'a fè yo tout wè ou ap pati kite kote ou ye a pou ou ale yon lòt kote ou pa janm konnen! Sa ka fè yo rekonèt jan yo gen tèt di.
And you, O son of man, by day, before their eyes, get ready the vessels of one who is taken away, and go away from your place to another place before their eyes: it may be that they will see, though they are an uncontrolled people.
καὶ σὺ υἱὲ ἀνθρώπου ποίησον σεαυτῷ σκευὴ αἰχμαλωσίας ἡμέρας ἐνώπιον αὐτῶν καὶ αἰχμαλωτευθῆσθαι ἐκ τοῦ τόπου σου εἰς ἕτερον τόπον ἐνώπιον αὐτῶν ὅπως ἴδωσιν διότι οἶκος παραπικραίνων ἐστίν
- 4 Gwo lajounen w'a fè pakèt ou pati, pou yo ka wè ou. Lèfini, kite yo wè ou aswè ap sotri tankou moun y'ap depòte yo.
By day, before their eyes, take out your vessels like those of one who is taken away: and go out in the evening before their eyes, like those who are taken away as prisoners.
καὶ ἐξοίσεις τὰ σκευὴ σου ὡς σκευὴ αἰχμαλωσίας ἡμέρας κατ' ὀφθαλμοὺς αὐτῶν καὶ σὺ ἐξελεύσῃ ἐσπέρας ὡς ἐκπορεύεται αἰχμάλωτος
- 5 Antan y'ap gade ou, w'a fè yon twou nan miray la, w'a pase sotri ladan l' ansanm ak pakèt ou a.
Make a hole in the wall, before their eyes, and go out through it.
ἐνώπιον αὐτῶν διόρυξον σεαυτῷ εἰς τὸν τοῖχον καὶ διεξελεύσῃ δι' αὐτοῦ
- 6 La, devan je yo, w'a mete pakèt la sou zepòl ou, w'a met deyò nan fènwa a. W'a bouche je ou pou ou pa wè kote ou prale. Sa ou pral fè a va sèvi yon siy pou avèti moun pèp Izrayèl yo.
And before their eyes, take your goods on your back and go out in the dark; go with your face covered: for I have made you a sign to the children of Israel.
ἐνώπιον αὐτῶν ἐπ' ὤμων ἀναλημφθήσῃ καὶ κεκρυμμένος ἐξελεύσῃ τὸ πρόσωπόν σου συγκαλύψεις καὶ οὐ μὴ ἴδῃς τὴν γῆν διότι τέρας δέδωκά σε τῷ οἴκῳ Ἰσραηλ
- 7 Mwen fè tou sa Seyè a te ban mwen lòd fè a. Jou sa a, gwo lajounen, mwen fè pakèt mwen tankou yon moun y'ap depòte ta fè l'. Nan aswè, mwen fè yon twou ak men m' nan miray la, mwen sotri nan fènwa a. Antan tout moun la ap gade m', mwen chaje pakèt mwen sou zepòl mwen, m' ale.
And I did as I was ordered: I took out my vessels by day, like those of one who is taken away, and in the evening I made a hole through the wall with a tent-pin; and in the dark I went out, taking my things on my back before their eyes.
καὶ ἐποίησα οὕτως κατὰ πάντα ὅσα ἐνετείλατό μοι καὶ σκευὴ ἐξήνεγκα ὡς σκευὴ αἰχμαλωσίας ἡμέρας καὶ ἐσπέρας διόρυξα ἐμαυτῷ τὸν τοῖχον καὶ κεκρυμμένος ἐξῆλθον ἐπ' ὤμων ἀνελήμφθην ἐνώπιον αὐτῶν
- 8 Nan denmen maten, Seyè a pale avè m' ankò, li di m':
And in the morning the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με τὸ πρωὶ λέγων
- 9 -Nonm o! Lè moun pèp Izrayèl yo, move ras moun tèt di sa yo, va mande ou sa w'ap fè la a,
Son of man, has not Israel, the uncontrolled people, said to you, What are you doing?
οὐκ ἄνθρωπου οὐκ εἶπαν πρὸς σέ ὁ οἶκος τοῦ Ἰσραηλ οἶκος ὁ παραπικραίνων τί σὺ ποιεῖς
- 10 w'a di yo: Men mesaj Seyè Bondye sèl Mèt la voye ba yo. Mesaj sa a se va yon avètisman pou chèf lavil Jerizalèm lan ansanm ak pou tout moun pèp Izrayèl ki rete nan lavil la.
You are to say to them, This is what the Lord has said: This word has to do with the ruler in Jerusalem and all the children of Israel in it.
εἰπὸν πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος κύριος ὁ ἄρχων καὶ ὁ ἀφηγούμενος ἐν ἱερουσαλὴμ καὶ παντὶ οἴκῳ Ἰσραηλ οἱ εἰσιν ἐν μέσῳ αὐτῶν
- 11 W'a di yo tou sa ou te fè a, se tankou yon avètisman pou sa ki pral rive yo. Yo pral fè yo prizonnye, y'ap depòte yo.
Say, I am your sign: as I have done, so will it be done to them: they will go away as prisoners.
εἰπὸν ὅτι ἐγὼ τέρατα ποιῶ ἐν μέσῳ αὐτῆς ὃν τρόπον πεποίηκα οὕτως ἔσται αὐτοῖς ἐν μετοικεσίᾳ καὶ ἐν αἰχμαλωσίᾳ πορεύσονται

- 12 Chèf k'ap gouvènen yo a pral mete pakèt li sou zepòl li nan fènwa, l'ap chape kò l' nan yon twou y'a fè nan miray la pou li. L'ap bouche figi l' pou yo pa rekonèt li, li pa menm wè kote l'ap mete pye l'.
 And the ruler who is among them will take his goods on his back in the dark and go out: he will make a hole in the wall through which to go out: he will have his face covered so that he may not be seen.
 και ὁ ἄρχων ἐν μέσῳ αὐτῶν ἐπ' ὤμων ἀρθήσεται καὶ κεκρυμμένος ἐξελεύσεται διὰ τοῦ τοίχου καὶ διορύξει τοῦ ἐξελεῖν αὐτὸν δι' αὐτοῦ τὸ πρόσωπον αὐτοῦ συγκαλύψει ὅπως μὴ ὀραθῆ ὀφθαλμῷ καὶ αὐτὸς τὴν γῆν οὐκ ὄψεται
- 13 M'ap voye privee mwen deyè li, m'ap pran l' ladan l'. Lèfini, m'ap mennen l' lavil Babilòn nan peyi moun Kalde yo. Men, l'ap mouri nan peyi sa a san li p'ap janm wè l' ak je l'.
 And my net will be stretched out on him, and he will be taken in my cords: and I will take him to Babylon to the land of the Chaldeans; but he will not see it, and there death will come to him.
 καὶ ἐκπετάσω τὸ δίκτυόν μου ἐπ' αὐτόν καὶ συλλημφθήσεται ἐν τῇ περιοχῇ μου καὶ ἄξω αὐτὸν εἰς βαβυλῶνα εἰς γῆν χαλδαίων καὶ αὐτὴν οὐκ ὄψεται καὶ ἐκεῖ τελευτήσει
- 14 M'ap gaye tout moun ki te avè l' yo, gad pèsone l' yo ak tout sòlda li yo, y'ap pran kouri nan tout direksyon. Men, m'ap fè lènmi kouri deyè yo pou touye yo.
 And all his helpers round about him and all his armies I will send in flight to every wind; and I will let loose a sword after them.
 καὶ πάντα τοὺς κύκλῳ αὐτοῦ τοὺς βοηθοὺς αὐτοῦ καὶ πάντα τοὺς ἀντιλαμβανομένους αὐτοῦ διασπερῶ εἰς πάντα ἄνεμον καὶ ῥομφαίαν ἐκκενώσω ὀπίσω αὐτῶν
- 15 Lè m'a fin gaye yo tout nan mitan lòt nasyon yo, lè m'a fin simaye yo nan divès peyi etranje, lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 And they will be certain that I am the Lord, when I send them in flight among the nations, driving them out through the countries.
 καὶ γνώσονται διότι ἐγὼ κύριος ἐν τῷ διασκορπίσει με αὐτοὺς ἐν τοῖς ἔθνεσιν καὶ διασπερῶ αὐτοὺς ἐν ταῖς χώραις
- 16 Men, m'ap kite de twa ladan yo chape, yo p'ap touye yo nan lagè, yo p'ap mouri nan grangou, ni anba move maladi. Konsa, lè y'a nan mitan lòt nasyon yo, y'a rakonte jan yo te fè bagay ki derespektan, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 But a small number of them I will keep from the sword, from the need of food, and from disease, so that they may make clear all their disgusting ways among the nations where they come; and they will be certain that I am the Lord.
 καὶ ὑπολείψομαι ἐξ αὐτῶν ἄνδρας ἀριθμῷ ἐκ ῥομφαίας καὶ ἐκ λιμοῦ καὶ ἐκ θανάτου ὅπως ἐκδιηγῶνται πάσας τὰς ἀνομίας αὐτῶν ἐν τοῖς ἔθνεσιν οὗ εἰσήλθοσαν ἐκεῖ καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ κύριος
- 17 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
 Then the word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 18 -Nonm o! Lè w'ap manje, tranble kou fèy bwa. Bwè dlo ou ak kè sote, ak kè sere.
 Son of man, take your food with shaking fear, and your water with trouble and care;
 υἱὲ ἀνθρώπου τὸν ἄρτον σου μετ' ὀδύνης φάγεσαι καὶ τὸ ὕδωρ σου μετὰ βασάνου καὶ θλίψεως πίεσαι
- 19 W'a di moun peyi a men mesaj Seyè Bondye sèl Mèt la voye bay moun lavil Jerizalèm yo k'ap viv toujou nan peyi a: Y'ap manje ak kè sere, y'ap bwè ak kè sote. Peyi a pral tounen yon savann, p'ap gen anyen ladan l' ankò. Tou sa, akòz mechanste moun k'ap viv ladan l' yo.
 And say to the people of the land, This is what the Lord has said about the people of Jerusalem and the land of Israel: They will take their food with care and their drink with wonder, so that all the wealth of their land may be taken from it because of the violent ways of the people living in it.
 καὶ ἐρεῖς πρὸς τὸν λαὸν τῆς γῆς τὰδε λέγει κύριος τοῖς κατοικοῦσιν ἱερουσαλημ ἐπὶ τῆς γῆς τοῦ ἰσραηλ τοὺς ἄρτους αὐτῶν μετ' ἐνδείας φάγονται καὶ τὸ ὕδωρ αὐτῶν μετὰ ἀφανισμοῦ πίνονται ὅπως ἀφ' ανισθῆ ἡ γῆ σὺν πληρώματι αὐτῆς ἐν ἀσεβείᾳ γὰρ πάντες οἱ κατοικοῦντες ἐν αὐτῇ
- 20 Yo pral detwi lavil ki plen moun yo. Peyi a ap tounen yon dezè. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 And the peopled towns will be made waste, and the land will become a wonder; and you will be certain that I am the Lord.
 καὶ αἱ πόλεις αὐτῶν αἱ κατοικοῦμεναι ἐξερημωθήσονται καὶ ἡ γῆ εἰς ἀφανισμόν ἔσται καὶ ἐπιγνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος
- 21 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
 And the word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 22 -Nonm o! Poukisa moun pèp Izrayèl yo ap plede repete pawòl sa a: Jou yo ap pase yonn apre lòt, sa yo te di k'ap rive a pa rive?
 Son of man, what is this saying which you have about the land of Israel, The time is long and every vision comes to nothing?
 υἱὲ ἀνθρώπου τίς ὑμῖν ἡ παραβολὴ αὕτη ἐπὶ τῆς γῆς τοῦ ἰσραηλ λέγοντες μακρὰν αἱ ἡμέραι ἀπόλωλεν ὄρασις

- 23 Koulve a, di yo men mesaj Seyè a, Bondye sèl Mèt la, voye ba yo: Mwen pral fè yo sispann repete pawòl sa a. Yo p'ap janm tande l' ankò nan bouch moun pèp Izrayèl yo. Di yo: Men jou a rive. Men sa yo te di ki pou rive a pral rive vre!
For this cause say to them, This is what the Lord has said: I have made this saying come to an end, and it will no longer be used as a common saying in Israel; but say to them, The days are near, and the effect of every vision.
 διὰ τοῦτο εἶπὸν πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ἀποστρέψω τὴν παραβολὴν ταύτην καὶ οὐκέτι μὴ εἴπωσιν τὴν παραβολὴν ταύτην οἶκος τοῦ Ἰσραὴλ ὅτι λαλήσεις πρὸς αὐτούς ἡγγίκασιν αἱ ἡμέραι καὶ ὁ ὄρος πάσης ὀράσεως
- 24 Nan mitan pèp Izrayèl la, p'ap gen moun k'ap fè vizyon pou twonpe moun ankò, p'ap gen pwofèt pou bay manti.
For there will be no more false visions or smooth use of secret arts in Israel.
 ὅτι οὐκ ἔσται ἔτι πᾶσα ὄρασις ψευδῆς καὶ μαντευόμενος τὰ πρὸς χάριν ἐν μέσῳ τῶν υἱῶν Ἰσραὴλ
- 25 Se mwen menm Seyè a ki pral pale ak yo. Sa m'a di a gen pou l' rive, l'ap rive vre. Tande byen, bann moun wòklò, nou p'ap mouri anvan li rive. Non, se p'ap bagay k'ap pran twòp tan pou li rive. Sa mwen pral di a, m'ap fè l' rive vre. Se mwen menm Seyè ki sèl Mèt la ki di sa.
For I am the Lord; I will say the word and what I say I will do; it will not be put off: for in your days, O uncontrolled people, I will say the word and do it, says the Lord.
 διότι ἐγὼ κύριος λαλήσω τοὺς λόγους μου λαλήσω καὶ ποιήσω καὶ οὐ μὴ μηκύνω ἔτι ὅτι ἐν ταῖς ἡμέραις ὑμῶν οἶκος ὁ παραπικραίνων λαλήσω λόγον καὶ ποιήσω λέγει κύριος
- 26 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
Again the word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 27 -Nonm o! Moun pèp Izrayèl yo ap di vizyon w'ap fè a poko prèt pou l' rive. Mesaj w'ap bay yo, se pa pou yo, y'a gen tan mouri anvan sa ou di a rive.
Son of man, see, the children of Israel say, The vision which he sees is for the days which are a long way off, and his words are of times still far away.
 υἱὲ ἀνθρώπου ἰδοὺ οἶκος Ἰσραὴλ ὁ παραπικραίνων λέγοντες λέγουσιν ἢ ὄρασις ἦν οὗτος ὄρᾳ εἰς ἡμέρας πολλάς καὶ εἰς καιροὺς μακροὺς οὗτος προφητεύει
- 28 Se poutèt sa, w'a di yo: Men sa Seyè a, Bondye sèl mèt la, voye di yo: Mesaj m'ap bay la p'ap pran tan pou l' rive vre. Pawòl m'ap di a pral rive. Se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki di sa.
Say to them then, This is what the Lord has said: Not one of my words will be put off any longer, but what I say I will do, says the Lord.
 διὰ τοῦτο εἶπὸν πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος οὐ μὴ μηκύνωσιν οὐκέτι πάντες οἱ λόγοι μου οὐδ' ἂν λαλήσω λαλήσω καὶ ποιήσω λέγει κύριος
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Denonse pwofèt pèp Izrayèl yo. Denonse moun sa yo k'ap bay mesaj yo menm yo fè. Di yo: Manyè koute pawòl Seyè a.
Son of man, be a prophet against the prophets of Israel, and say to those prophets whose words are the invention of their hearts, Give ear to the word of the Lord;
 υἱὲ ἀνθρώπου προφήτευσον ἐπὶ τοὺς προφήτας τοῦ Ἰσραὴλ καὶ προφητεύσεις καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς ἀκούσατε λόγον κυρίου
- 3 Men mesaj Seyè a, Bondye sèl Mèt la, di: Madichon pou bann pwofèt egare sa yo! Se yo menm ki fè mesaj y'ap bay la. Yo pa janm fè ankenn vizyon vre.
This is what the Lord has said: A curse on the foolish prophets who go after the spirit which is in them and have seen nothing!
 τάδε λέγει κύριος οὐαὶ τοῖς προφητεύουσιν ἀπὸ καρδίας αὐτῶν καὶ τὸ καθόλου μὴ βλέπουσιν
- 4 Moun Izrayèl yo, koute: Pwofèt nou yo p'ap sèvi nou anyen, se tankou chat mawon k'ap viv nan vye kay kraze.
O Israel, your prophets have been like jackals in the waste places.
 οἱ προφήται σου Ἰσραὴλ ὡς ἀλώπεκες ἐν ταῖς ἐρήμοις
- 5 Yo pa t' moute lagad kote miray la te make kraze a, ni yo pa t' rebati miray yo. Konsa, moun Izrayèl yo pa gen defans lè lagè va pete jou jijman Seyè a.
You have not gone up into the broken places or made up the wall for the children of Israel to take your place in the fight in the day of the Lord.
 οὐκ ἔστησαν ἐν στερεώματι καὶ συνήγαγον ποιμνία ἐπὶ τὸν οἶκον τοῦ Ἰσραὴλ οὐκ ἀνέστησαν οἱ λέγοντες ἐν ἡμέρᾳ κυρίου
- 6 Vizyon y'ap fè yo se pou twonpe moun, mesaj y'ap bay yo se manti. Yo pretann di se mesaj Bondye y'ap bay. Men, se pa mwen menm ki janm pale ak yo. Lèfini, yo konprann pou m' fè sa yo di k'ap rive a rive vre.
They have seen visions without substance and made use of secret arts, who say, The Lord has said; and the Lord has not sent them: hoping that the word would have effect.
 βλέποντες ψευδῆ μαντευόμενοι μάταια οἱ λέγοντες λέγει κύριος καὶ κύριος οὐκ ἀπέσταλκεν αὐτούς καὶ ἤρξαντο τοῦ ἀναστήσαι λόγον
- 7 Mwen tou di yo: Vizyon y'ap fè yo se tèt yo y'ap twonpe. Mesaj y'ap bay yo se manti. Y'ap plede di men mesaj Bondye bay. Men, mwen pa t' janm pale ake yo.
Have you not seen a vision without substance and have you not falsely made use of secret arts, when you say, The Lord has said; though I have said nothing?
 οὐχ ὄρασιν ψευδῆ ἐώρακατε καὶ μαντείας ματαίας εἰρήκατε

- 8 Se poutèt sa, men sa Seyè a, Bondye sèl Mèt la, di yo: Se twonpe n'ap twonpe moun ak pawòl nou yo. Tout vizyon nou yo se manti. Se poutèt sa m'ap leve dèyè nou tou! Se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki di sa.
So this is what the Lord has said: Because your words are without substance and your visions are false, see, I am against you, says the Lord.
διὰ τοῦτο εἰπὼν τὰδε λέγει κύριος ἄνθ' ὧν οἱ λόγοι ὑμῶν ψευδεῖς καὶ αἱ μαντεῖαι ὑμῶν μάταια διὰ τοῦτο ἰδοὺ ἐγὼ ἐφ' ὑμᾶς λέγει κύριος
- 9 Mwen pral pini pwofèt k'ap fè vizyon pou twonpe moun, k'ap bay mesaj ki pa laverite. p'ap gen plas pou yo lè pèp la va reyini. Yo p'ap gen non yo sou lis fanmi pèp Izrayèl yo. Yo p'ap janm tounen nan peyi a ankò. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a, Bondye sèl Mèt la.
And my hand will be against the prophets who see visions without substance and who make false use of secret arts: they will not be in the secret of my people, and they will not be recorded in the list of the children of Israel, and they will not come into the land of Israel; and it will be clear to you that I am the Lord.
καὶ ἐκτενώ τὴν χεῖρά μου ἐπὶ τοὺς προφήτας τοὺς ὀρώντας ψευδῆ καὶ τοὺς ἀποθηγεγμένους μάταια ἐν παιδείᾳ τοῦ λαοῦ μου οὐκ ἔσονται οὐδὲ ἐν γραφῇ οἴκου ἰσραὴλ οὐ γραφήσονται καὶ εἰς τὴν γῆν τοῦ ἰσραὴλ οὐκ εἰσελεύσονται καὶ γνώσονται διότι ἐγὼ κύριος
- 10 ¶ Pwofèt yo ap woule pèp mwen an. Anyen p'ap mache nan peyi a. Yo menm menm, y'ap plede di tout bagay ap mache byen. Pèp la ap moute yon miray wòch san mòtye, pwofèt yo menm vini, yo blanchi l' ak dlo lacho.
Because, even because they have been guiding my people into error, saying, Peace; when there is no peace; and in the building of a division wall they put whitewash on it:
ἀνθ' ὧν τὸν λαόν μου ἐπλάνησαν λέγοντες εἰρήνην εἰρήνην καὶ οὐκ ἦν εἰρήνη καὶ οὗτος οἰκοδομεῖ τοῖχον καὶ αὐτοὶ ἀλείφουσιν αὐτόν εἰ πεσεῖται
- 11 Di moun k'ap pase dlo lacho sou miray la: Miray la pral tonbe. Mwen pral voye yon gwo lapli. Lagrèl pral tonbe, yon gwo van tanpèt pral soufle.
Say to those who put whitewash on it, There will be an overflowing shower; and you, O ice-drops, will come raining down; and it will be broken in two by the storm-wind.
εἰπὼν πρὸς τοὺς ἀλείφοντας πεσεῖται καὶ ἔσται ὑετὸς κατακλύζων καὶ δόσω λίθους πετροβόλους εἰς τοὺς ἐνδέσμιους αὐτῶν καὶ πεσοῦνται καὶ πνεῦμα ἐξαῖρον καὶ ῥαγήσεται
- 12 Lè miray la fin tonbe, y'a mande yo kisa dlo lacho a te fè pou miray la.
And when the wall has come down, will they not say to you, Where is the whitewash which you put on it?
καὶ ἰδοὺ πέπτωκεν ὁ τοῖχος καὶ οὐκ ἐροῦσιν πρὸς ὑμᾶς ποῦ ἐστὶν ἡ ἀλοιφή ὑμῶν ἣν ἠλείψατε
- 13 Enben, men sa Seyè ki gen tout pouvwa a di: Mwen pral fè yon sèl kòlè, m'ap voye yon gwo van tanpèt, yon gwo lapli ak lagrèl ki pral tonbe pou kraze miray la.
For this reason, the Lord has said: I will have it broken in two by a storm-wind in my passion; and there will be an overflowing shower in my wrath, and you, O ice-drops, will come raining angrily down.
διὰ τοῦτο τὰδε λέγει κύριος καὶ ῥήξω πνοὴν ἐξαίρουσαν μετὰ θυμοῦ καὶ ὑετὸς κατακλύζων ἐν ὀργῇ μου ἔσται καὶ τοὺς λίθους τοὺς πετροβόλους ἐν θυμῷ ἐπάξω εἰς συντέλειαν
- 14 M'ap lage miray nou te blanchi ak lacho a atè, m'ap kraze l' ratè, wòch fondasyon yo pral parèt deyò. Miray la ap tonbe sou nou, l'ap kraze nou. Lè sa a, nou tout va konnen se mwen menm ki Seyè a.
So I will let the wall, which you were covering with whitewash, be broken down; I will have it levelled to the earth so that its base is uncovered: it will come down, and destruction will come on you with it; and it will be clear to you that I am the Lord.
καὶ κατασκάψω τὸν τοῖχον ὃν ἠλείψατε καὶ πεσεῖται καὶ θήσω αὐτόν ἐπὶ τὴν γῆν καὶ ἀποκαλυφθήσεται τὰ θεμέλια αὐτοῦ καὶ πεσεῖται καὶ συντελεσθήσεσθε μετ' ἐλέγχων καὶ ἐπιγνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος
- 15 Mwen pral move sou miray la ansanm ak tout moun ki te blanchi l' ak lacho a. Lè m'a fin fè yo sa m' gen pou m' fè yo a, m'a di nou: Miray la pa la ankò, ni bann moun ki te blanchi l' ak lacho a,
So I will let loose my passion on the wall in full measure, and on those who put whitewash on it; and I will say to you, Where is the wall, and where are those who put whitewash on it?
καὶ συντελέσω τὸν θυμόν μου ἐπὶ τὸν τοῖχον καὶ ἐπὶ τοὺς ἀλείφοντας αὐτόν καὶ πεσεῖται καὶ εἶπα πρὸς ὑμᾶς οὐκ ἔστιν ὁ τοῖχος οὐδὲ οἱ ἀλείφοντες αὐτόν
- 16 bann pwofèt pèp Izrayèl yo k'ap bay bèl mesaj pou lavil Jerizalèm lan. Anyen p'ap mache nan peyi a, epi yo menm y'ap plede di yo fè vizyon tout bagay ap mache byen. Se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki di sa.
Even the prophets of Israel who say words to Jerusalem, who see visions of peace for her when there is no peace, says the Lord.
προφήται τοῦ ἰσραὴλ οἱ προφητεύοντες ἐπὶ ἱερουσαλὴμ καὶ οἱ ὀρώντες αὐτῇ εἰρήνην καὶ εἰρήνην οὐκ ἔστιν λέγει κύριος
- 17 ¶ Seyè a di ankò: -Nonm o! Koulye a, vire tèt ou gade nan direksyon medam k'ap fè mesaj yo yo menm! Yo pran pòz pwofèt yo nan mitan pèp Izrayèl la! Denonse yo!
And you, son of man, let your face be turned against the daughters of your people, who are acting the part of prophets at their pleasure; be a prophet against them, and say,
καὶ σύ υἱὲ ἀνθρώπου στήρισον τὸ πρόσωπόν σου ἐπὶ τὰς θυγατέρας τοῦ λαοῦ σου τὰς προφητεύουσας ἀπὸ καρδίας αὐτῶν καὶ προφήτευσον ἐπ' αὐτάς
- 18 Lèfini, di yo men sa Seyè a, Bondye sèl Mèt la, voye di yo: Madichon pou nou, medam! N'ap mare kòd wanga nan ponyèt tout moun. N'ap moute mouchwa tèt pou tout kalite moun pou yo ka gen pouvwa pran nanm moun. Nou dèyè pou nou gen pouvwa fè sa nou vle ak nanm lòt moun san anyen pa rive nou.
This is what the Lord has said: A curse is on the women who are stitching bands on all arms and putting veils on the heads of those of every size, so that they may go after souls! Will you go after the souls of my people and keep yourselves safe from death?
καὶ ἐρεῖς τὰδε λέγει κύριος οὐαὶ ταῖς συρραπτούσαις προσκεφάλαια ἐπὶ πάντα ἀγκῶνα χειρὸς καὶ ποιούσαις ἐπιβόλαια ἐπὶ πᾶσαν κεφαλὴν πάσης ἡλικίας τοῦ διαστρέφειν ψυχὰς αἱ ψυχὰι διεστράφησαν ἀν τοῦ λαοῦ μου καὶ ψυχὰς περιποιούντο

- 19 N'ap derespekte mwen devan pèp mwen an. Pou kèk ponyen grenn lòj ak kèk moso pen n'ap touye moun ki pa merite mouri, n'ap sove moun ki pa merite viv ankò. N'ap bay pèp mwen an yon bann manti. Yo menm, yo byen kontan kwè nou.
 And you have put me to shame among my people for a little barley and some bits of bread, sending death on souls for whom there is no cause of death, and keeping those souls living who have no right to life, by the false words you say to my people who give ear to what is false.
 και ἐβεβήλουν με πρὸς τὸν λαόν μου ἔνεκεν ὄρακός κριθῶν και ἔνεκεν κλασμάτων ἄρτου τοῦ ἀποκτεῖναι ψυχάς ἃς οὐκ ἔδει ἀποθανεῖν και τοῦ περιποιήσασθαι ψυχάς ἃς οὐκ ἔδει ζῆσαι ἐν τῷ ἀποφθέγγεσθαι ὑμᾶς λαφ̄ εἰσακούοντι μάταια ἀποφθέγματα
- 20 Enben! Men sa Seyè a, Bondye sèl Mèt la, di: Mwen pa vle wè kòd wanga nan ponyèt nou yo. Se ak yo nou sèvi pou nou pran nanm lòt moun tankou zwezo nan pèlen. M'ap rache yo nan ponyèt nou. M'ap delivre moun nou te pran nan pèlen yo pou y' al fè wout yo.
 For this cause the Lord has said: See, I am against your bands with which you go after souls, and I will violently take them off their arms; and I will let loose the souls, even the souls whom you go after freely.
 διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπὶ τὰ προσκεφάλαια ὑμῶν ἐφ' ἃ ὑμεῖς συστρέφετε ἐκεῖ ψυχάς και διαρρήξω αὐτὰ ἀπὸ τῶν βραχιόνων ὑμῶν και ἐξαποστελω τὰς ψυχάς ἃς ὑμεῖς ἐκστρέφετε τὰς ψυχάς αὐτῶν εἰς διασκορπισμόν
- 21 M'ap rache mouchwa tèt nou yo, m'ap sove pèp mwen an anba men nou. Nou p'ap ka fè sa nou vle ak yo ankò. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 And I will have your veils violently parted in two, and will make my people free from your hands, and they will no longer be in your power for you to go after them; and you will be certain that I am the Lord.
 και διαρρήξω τὰ ἐπιβόλαια ὑμῶν και ῥύσομαι τὸν λαόν μου ἐκ χειρὸς ὑμῶν και οὐκέτι ἔσονται ἐν χερσίν ὑμῶν εἰς συστροφὴν και ἐπιγνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος
- 22 Mwen pa ta renmen anyen rive bon moun yo. Men nou menm, avèk manti n'ap bay yo, n'ap dekouraje yo. N'ap ankouraje mechan yo pou yo pa chanje. Nou pa ba yo chans sove lavi yo.
 Because with your false words you have given pain to the heart of the upright man when I had not made him sad; in order to make strong the hands of the evil-doer so that he may not be turned from his evil way and get life:
 ἀνθ' ὧν διεστρέφετε καρδίαν δικαίου ἀδίκως και ἐγὼ οὐ διέστρεφον αὐτόν και τοῦ κατισχύσαι χεῖρας ἀνόμου τὸ καθόλου μὴ ἀποστρέψαι ἀπὸ τῆς ὁδοῦ αὐτοῦ τῆς πονηρᾶς και ζῆσαι αὐτόν
- 23 Enben! Se poutèt sa koulye a, nou p'ap fè vizyon pou twonpe moun ankò, ni nou p'ap ba yo manti sou sa ki pral rive yo. Mwen pral sove pèp mwen an anba men nou. Konsa, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 For this cause you will see no more foolish visions or make false use of secret arts: and I will make my people free from your power; and you will be certain that I am the Lord.
 διὰ τοῦτο ψευδῆ οὐ μὴ ἴδητε και μαντείας οὐ μὴ μαντεύσησθε ἔτι και ῥύσομαι τὸν λαόν μου ἐκ χειρὸς ὑμῶν και γνώσεσθε ὅτι ἐγὼ κύριος
- 1 ¶ Lè sa a, gen kèk chèf fanmi Izrayèl yo ki te vin kote m' pou m' te fè yo konnen volonte Bondye.
 Then certain of the responsible men of Israel came to me and took their seats before me.
 και ἦλθον πρὸς με ἄνδρες ἐκ τῶν πρεσβυτέρων τοῦ ἰσραηλ και ἐκάθισαν πρὸ προσώπου μου
- 2 Se konsa, Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
 And the word of the Lord came to me, saying,
 και ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 3 -Nonm o! Moun sa yo lage kò yo bay zidòl nèt. Yo kite zidòl pran nanm yo pou fè sa ki mal. Yo met nan tèt yo mwen pral kite yo vin mande m' konsèy?
 Son of man, these men have taken their false gods into their hearts and put before their faces the sin which is the cause of their fall: am I to give ear when they come to me for directions?
 υἱὲ ἀνθρώπου οἱ ἄνδρες οὗτοι ἔθεντο τὰ διανοήματα αὐτῶν ἐπὶ τὰς καρδίας αὐτῶν και τὴν κόλασιν τῶν ἀδικιῶν αὐτῶν ἔθηκαν πρὸ προσώπου αὐτῶν εἰ ἀποκρινόμενος ἀποκριθῶ αὐτοῖς
- 4 Enben, pale ak yo, di yo konsa: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Tout moun nan pèp Izrayèl la ap lage kò yo bay zidòl yo nèt, yo kite zidòl pran nanm yo pou fè sa ki mal. Lèfini, y'ap vin jwenn pwofèt Bondye a! Se mwen menm menm, Seyè a, k'ap ba yo repons yo merite poutèt kantite zidòl y'ap sèvi yo.
 For this cause say to them, These are the words of the Lord: Every man of Israel who has taken his false god into his heart, and put before his face the sin which is the cause of his fall, and comes to the prophet; I the Lord will give him an answer by myself in agreement with the number of his false gods;
 διὰ τοῦτο λάλησον αὐτοῖς και ἔρεις πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ἄνθρωπος ἄνθρωπος ἐκ τοῦ οἴκου ἰσραηλ ὃς ἂν θῆ τὰ διανοήματα αὐτοῦ ἐπὶ τὴν καρδίαν αὐτοῦ και τὴν κόλασιν τῆς ἀδικίας αὐτοῦ τάξῃ πρὸ προσώπου αὐτοῦ και ἔλθῃ πρὸς τὸν προφήτην ἐγὼ κύριος ἀποκριθίσομαι αὐτῷ ἐν οἷς ἐνέχεται ἡ διάνοια αὐτοῦ
- 5 Zidòl yo te fè moun pèp Izrayèl yo vire do ban mwen. Men, m'ap reponn yo pou yo ka tounen vin jwenn mwen ankò.
 So as to take the children of Israel in the thoughts of their hearts, because they have become strange to me through their false gods.
 ὅπως πλαγιάσῃ τὸν οἶκον τοῦ ἰσραηλ κατὰ τὰς καρδίας αὐτῶν τὰς ἀπηλλοτριωμένας ἀπ' ἐμοῦ ἐν τοῖς ἐνθυμήμασιν αὐτῶν
- 6 Koulye a, men sa pou ou di moun pèp Izrayèl yo, men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Tounen vin jwenn mwen. Vire do bay zidòl nou yo, sispann fè vye bagay derespektan sa yo.
 For this cause say to the children of Israel, These are the words of the Lord: Come back and give up your false gods and let your faces be turned from your disgusting things.
 διὰ τοῦτο εἰπὸν πρὸς τὸν οἶκον τοῦ ἰσραηλ τάδε λέγει κύριος κύριος ἐπιστράφητε και ἀποστρέψατε ἀπὸ τῶν ἐπιτηδευμάτων ὑμῶν και ἀπὸ πασῶν τῶν ἀσεβειῶν ὑμῶν και ἐπιστρέψατε τὰ πρόσωπα ὑμῶν

- 7 Chak fwa yonn nan moun pèp Izrayèl yo osinon yonn nan moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan pèp mwen an va vire do ban mwen pou li al sèvi zidòl, si li kite zidòl pran nanm li pou li fè sa ki mal, lèfini pou li konprann pou li al jwenn pwofèt Bondye a pou mande l' mande m' anyen, se mwen menm menm, Seyè a, ki pral ba li repons la.
When any one of the men of Israel, or of those from other lands who are living in Israel, who has become strange to me, and takes his false gods into his heart, and puts before his face the sin which is the cause of his fall, comes to the prophet to get directions from me; I the Lord will give him an answer by myself:
διότι άνθρωπος ἄνθρωπος ἐκ τοῦ οἴκου ἰσραὴλ καὶ ἐκ τῶν προσηλύτων τῶν προσηλυτευόντων ἐν τῷ ἰσραὴλ ὅς ἂν ἀπαλλοτριωθῆ ἅπ' ἐμοῦ καὶ θῆται τὰ ἐνθυμήματα αὐτοῦ ἐπὶ τὴν καρδίαν αὐτοῦ καὶ τὴν κόλασιν τῆς ἀδικίας αὐτοῦ τάξῃ πρὸ προσώπου αὐτοῦ καὶ ἔλθῃ πρὸς τὸν προφήτην τοῦ ἐπερωτήσαι αὐτὸν ἐν ἐμοὶ ἐγὼ κύριος ἀποκριθήσομαι αὐτῷ ἐν ᾧ ἐνέχεται ἐν αὐτῷ
- 8 M'ap kenbe tèt ak li. M'ap fè l' tounen yon egzanp pou yo mete non l' nan chante. M'ap wete l' nan mitan pèp mwen an. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And my face will be turned against that man, and I will make him a sign and a common saying, cutting him off from among my people; and you will be certain that I am the Lord.
καὶ στηριῶ τὸ πρόσωπόν μου ἐπὶ τὸν ἄνθρωπον ἐκεῖνον καὶ θήσομαι αὐτὸν εἰς ἔρημον καὶ εἰς ἀφανισμόν καὶ ἐξαρθῶ αὐτὸν ἐκ μέσου τοῦ λαοῦ μου καὶ ἐπιγνώσεσθε ὅτι ἐγὼ κύριος
- 9 Si yon pwofèt kite yo pran tèt li pou li pa pale verite, se mwen menm k'ap kite yo pran tèt li. M'ap lonje men m' sou li pou m' pini l', m'ap wete l' nan mitan pèp mwen an, pèp Izrayèl la.
And if the prophet, tricked by deceit, says anything, it is I the Lord by whom he has been tricked, and I will put out my hand against him, and he will be cut off from among my people Israel.
καὶ ὁ προφήτης ἐὰν πλανηθῆ καὶ λαλήσῃ ἐγὼ κύριος πεπλάνηκα τὸν προφήτην ἐκεῖνον καὶ ἐκτενῶ τὴν χεῖρά μου ἐπ' αὐτὸν καὶ ἀφανιῶ αὐτὸν ἐκ μέσου τοῦ λαοῦ μου ἰσραὴλ
- 10 Ni pwofèt la, ni moun ki te vin jwenn li an ap peye pou sa yo fè. Y'ap resevwa menm chatiman an.
And the punishment of their sin will be on them: the sin of the prophet will be the same as the sin of him who goes to him for directions;
καὶ λήψονται τὴν ἀδικίαν αὐτῶν κατὰ τὸ ἀδικημα τοῦ ἐπερωτῶντος καὶ κατὰ τὸ ἀδικημα ὁμοίως τῷ προφήτῃ ἔσται
- 11 Konsa, moun pèp Izrayèl yo p'ap vire do ban mwen ankò. Yo pa pral avili tèt yo nan fè sa ki mal. Lè sa a, se pèp mwen y'ap ye, se mwen menm k'ap Bondye yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
So that the children of Israel may no longer go wandering away from me, or make themselves unclean with all their wrongdoing; but they will be my people, and I will be their God, says the Lord.
ὅπως μὴ πλανᾶται ἔτι ὁ οἶκος τοῦ ἰσραὴλ ἅπ' ἐμοῦ καὶ ἵνα μὴ μαιώνονται ἔτι ἐν πᾶσιν τοῖς παραπτώμασιν αὐτῶν καὶ ἔσονται μοι εἰς λαόν καὶ ἐγὼ ἔσομαι αὐτοῖς εἰς θεόν λέγει κύριος
- 12 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 13 -Nonm o! Si moun k'ap viv nan yon peyi peche kont mwen, si yo pa kenbe pawòl yo ak mwen, m'ap lonje men m' sou yo pou m' pini yo. M'ap koupe viv yo. M'ap fè yon sèl grangou tonbe sou yo, m'ap touye ni moun, ni bèt nan peyi a.
Son of man, when a land, sinning against me, does wrong, and my hand is stretched out against it, and the support of its bread is broken, and I make it short of food, cutting off man and beast from it:
ὕιε ἀνθρώπου γῆ ἐὰν ἀμάρτη μοι τοῦ παραπεσεῖν παράπτωμα καὶ ἐκτενῶ τὴν χεῖρά μου ἐπ' αὐτὴν καὶ συντρίψω αὐτῆς στήριγμα ἄρτου καὶ ἐξαποστελῶ ἐπ' αὐτὴν λιμὸν καὶ ἐξαρθῶ ἐξ αὐτῆς ἄνθρωπον καὶ κτήνη
- 14 Si twa moun dwat sa yo, Noe, Danèl ak Jòb, ta nan mitan yo, se yo menm ase ki t'ap sove lavi yo, paske se yo ki te mache dwat. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
Even if these three men, Noah, Daniel, and Job, were in it, only themselves would they keep safe by their righteousness, says the Lord.
καὶ ἐὰν ὦσιν οἱ τρεῖς ἄνδρες οὗτοι ἐν μέσῳ αὐτῆς νῶε καὶ δανιὴλ καὶ ἰωβ αὐτοὶ ἐν τῇ δικαιοσύνῃ αὐτῶν σωθήσονται λέγει κύριος
- 15 Ou ankò, mwen ta ka voye bèt sovaj touye tout moun nan peyi a, pou fè peyi a tounen yon dezè moun pè travèse poutèt bèt sovaj sa yo.
Or if I send evil beasts through the land causing destruction and making it waste, so that no man may go through because of the beasts:
ἐὰν καὶ θηρία πονηρὰ ἐπάγω ἐπὶ τὴν γῆν καὶ τιμωρήσομαι αὐτὴν καὶ ἔσται εἰς ἀφανισμόν καὶ οὐκ ἔσται ὁ διοδεύων ἀπὸ προσώπου τῶν θηρίων
- 16 Si twa moun sa yo ta nan mitan yo, jan nou konnen mwen vivan vre a, -se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale, -yo pa ta ka sove ata pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Se yo ase ki t'ap sove. Tout peyi a t'ap tounen yon dezè.
Even if these three men were in it, by my life, says the Lord, they would not keep safe their sons or daughters, but only themselves, and the land would be made waste.
καὶ οἱ τρεῖς ἄνδρες οὗτοι ἐν μέσῳ αὐτῆς ὡς ἐγὼ λέγει κύριος εἰ υἱοὶ ἢ θυγατέρες σωθήσονται ἀλλ' ἢ αὐτοὶ μόνοι σωθήσονται ἢ δὲ γῆ ἔσται εἰς ὄλεθρον
- 17 Ou ankò, mwen ta ka voye lagè sou peyi a. Mwen ta ka bay lòd pou nan lagè a yo touye dènne moun ak dènne bèt.
Or if I send a sword against that land, and say, Sword, go through the land, cutting off from it man and beast:
ἢ καὶ ῥομφαίαν ἐὰν ἐπάγω ἐπὶ τὴν γῆν ἐκείνην καὶ εἶπω ῥομφαία διελθάτω διὰ τῆς γῆς καὶ ἐξαρθῶ ἐξ αὐτῆς ἄνθρωπον καὶ κτήνος
- 18 Si twa mesye sa yo ta nan peyi a, jan nou konnen mwen vivan vre a, -se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale, -yo pa ta ka sove ata pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Yo ase ki ta sove.
Even if these three men were in it, by my life, says the Lord, they would not keep safe their sons or daughters, but only themselves.
καὶ οἱ τρεῖς ἄνδρες οὗτοι ἐν μέσῳ αὐτῆς ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος οὐ μὴ ῥύσονται υἱοὺς οὐδὲ θυγατέρας αὐτοὶ μόνοι σωθήσονται

- 19 Si mwen ta voye yon move maladi sou peyi a, si mwen ta move sou li jouk pou m' ta voye yon maladi san renmèd pou m' touye ni moun ni bèt,
Or if I send disease into that land, letting loose my wrath on it in blood, cutting off from it man and beast:
ἢ καὶ θάνατον ἐπαποστείλω ἐπὶ τὴν γῆν ἐκείνην καὶ ἐκγεῶ τὸν θυμὸν μου ἐπ' αὐτήν ἐν αἵματι τοῦ ἐξολεθρεῦσαι ἐξ αὐτῆς ἄνθρωπον καὶ κτήνος
- 20 epi si Noe, Danèl ak Jòb te la nan peyi a, jan nou konnen mwen vivan vre a, -se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale, -yo pa ta sove ata pwòp pitit gason ak pitit fi yo. Se yo ase ki ta sove lavi yo, paske se yo ki te mache dwat.
Even if Noah, Daniel, and Job were in it, by my life, says the Lord, they would not keep son or daughter safe; only themselves would they keep safe through their righteousness.
καὶ νοε καὶ δανιηλ καὶ ιωβ ἐν μέσῳ αὐτῆς ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος ἂν υἱοὶ ἢ θυγατέρες ὑπολειφθῶσιν αὐτοὶ ἐν τῇ δικαιοσύνῃ αὐτῶν ῥύσσονται τὰς ψυχὰς αὐτῶν
- 21 Men sa Seyè, Bondye sèl Mèt la, di ankò: M'ap voye kat pi gwo chatiman m' yo sou lavil Jerizalèm: lagè, grangou, bèt sovaj ak move maladi, pou yo touye dènye moun ak dènye bèt.
For this is what the Lord has said: How much more when I send my four bitter punishments on Jerusalem, the sword and need of food and evil beasts and disease, cutting off from it man and beast?
τάδε λέγει κύριος ἂν δὲ καὶ τὰς τέσσαρας ἐκδικήσεις μου τὰς πονηρὰς ῥομφαίαν καὶ λιμὸν καὶ θηρία πονηρὰ καὶ θάνατον ἐξαποστείλω ἐπὶ ἱερουσαλὴμ τοῦ ἐξολεθρεῦσαι ἐξ αὐτῆς ἄνθρωπον καὶ κτῆνος
- 22 Men, si nou wè gen kèk moun ki chape, epi ki sove pitit gason yo ak pitit fi yo, gade yo byen lè y'a vin jwenn nou. Gade jan yo viv, gade sa yo fè. Lè sa a, n'a wè si m' pa t' gen rezon voye tout malè sa yo sou lavil Jerizalèm.
But truly, there will still be a small band who will be safe, even sons and daughters: and they will come out to you, and you will see their ways and their doings: and you will be comforted about the evil which I have sent on Jerusalem, even about everything I have sent on it.
καὶ ἰδοὺ ὑπολειμμένοι ἐν αὐτῇ οἱ ἀνασσεφωσμένοι αὐτῆς οἱ ἐξάγουσιν ἐξ αὐτῆς υἱοὺς καὶ θυγατέρας ἰδοὺ αὐτοὶ ἐκπορεύονται πρὸς ὑμᾶς καὶ ὄψεσθε τὰς ὁδοὺς αὐτῶν καὶ τὰ ἐνθυμήματα αὐτῶν καὶ μὲταμεληθήσεσθε ἐπὶ τὰ κακὰ ἃ ἐπήγαγον ἐπὶ ἱερουσαλὴμ πάντα τὰ κακὰ ἃ ἐπήγαγον ἐπ' αὐτήν
- 23 Wi, lè n'a wè jan moun sa yo t'ap viv ak sa yo t'ap fè, n'a konnen mwen te gen rezon fè lavil Jerizalèm sa m' te fè l' la. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
They will give you comfort when you see their ways and their doings: and you will be certain that not for nothing have I done all the things I have done in it, says the Lord.
καὶ παρακαλέσουσιν ὑμᾶς διότι ὄψεσθε τὰς ὁδοὺς αὐτῶν καὶ τὰ ἐνθυμήματα αὐτῶν καὶ ἐπιγνώσεσθε διότι οὐ μάτην πεποίηκα πάντα ὅσα ἐποίησα ἐν αὐτῇ λέγει κύριος
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò: Li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Kisa bwa pye rezen an genyen ki fè l' pi bon pase bwa tout lòt pyebwa ou ka jwenn nan rak?
Son of man, what is the vine-tree more than any branching tree which is among the trees of the woods?
καὶ σύ υἱὲ ἀνθρώπου τί ἂν γένοιτο τὸ ξύλον τῆς ἀμπέλου ἐκ πάντων τῶν ξύλων τῶν κλημάτων τῶν ὄντων ἐν τοῖς ξύλοις τοῦ δρυμοῦ
- 3 Eske li ka ba ou bwa pou fè anyen? Eske yo ka fè pikèt kwòk avè l' pou pandye bagay?
Will its wood be used for any work? do men make of it a pin for hanging any vessel on?
εἰ λήμψονται ἐξ αὐτῆς ξύλον τοῦ ποιῆσαι εἰς ἐργασίαν εἰ λήμψονται ἐξ αὐτῆς πάσσαλον τοῦ κρεμάσαι ἐπ' αὐτὸν πᾶν σκευὸς
- 4 Li ka sèvi pou limen dife ase. Dife a boule de bout li yo ansanm ak mitan an. Apre sa, ou pa ka fè anyen avè l' ankò.
See, it is put into the fire for burning: the fire has made a meal of its two ends and the middle part of it is burned; is it good for any work?
πάρεξ πυρὶ δέδοται εἰς ἀνάλωσιν τὴν κατ' ἐνιαυτὸν κάθαρσιν ἀπ' αὐτῆς ἀναλίσκει τὸ πῦρ καὶ ἐκλείπει εἰς τέλος μὴ χρησίμων ἔσται εἰς ἐργασίαν
- 5 Li pa t' ankò boule a, yo te tou pa ka fè anyen avè l'. Koulye a dife a fin boule l', se pi rèd ankò.
Truly, before it was cut down, it was not used for any purpose: how much less, when the fire has made a meal of it and it is burned, will it be made into anything?
οὐδὲ ἔτι αὐτοῦ ὄντος ὀλοκλήρου οὐκ ἔσται εἰς ἐργασίαν μὴ ὅτι ἂν καὶ πῦρ αὐτὸ ἀναλώσῃ εἰς τέλος εἰ ἔσται ἔτι εἰς ἐργασίαν
- 6 Se poutèt sa, men sa Seyè sèl Mèt la di: Menm jan yo pran yon bwa pye rezen nan mitan yon rakbwa, yo jete l' nan dife pou boule l', se sa menm mwen pral fè ak moun lavil Jerizalèm yo.
For this cause the Lord has said: Like the vine-tree among the trees of the woods which I have given to the fire for burning, so will I give the people of Jerusalem.
διὰ τοῦτο εἰπόν τάδε λέγει κύριος ὃν τρόπον τὸ ξύλον τῆς ἀμπέλου ἐν τοῖς ξύλοις τοῦ δρυμοῦ ὃ δέδωκα αὐτὸ τῷ πυρὶ εἰς ἀνάλωσιν οὕτως δέδωκα τοὺς κατοικοῦντας ἱερουσαλὴμ
- 7 M'ap kenbe tèt ak yo. Yo te chape anba dife a yon fwa, men se dife k'ap boule yo. Lè m'a kenbe tèt ak yo, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And my face will be turned against them; and though they have come out of the fire they will be burned up by it; and it will be clear to you that I am the Lord when my face is turned against them.
καὶ δώσω τὸ πρόσωπόν μου ἐπ' αὐτούς ἐκ τοῦ πυρὸς ἐξελεύσονται καὶ πῦρ αὐτοὺς καταφάγεται καὶ ἐπιγνώσονται ὅτι ἐγὼ κύριος ἐν τῷ στηρίσαι με τὸ πρόσωπόν μου ἐπ' αὐτούς
- 8 Yo twonpe m' tankou yon fanm k'ap twonpe mari l'. Se poutèt sa m'ap fè peyi a tounen yon dezè. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
And I will make the land a waste because they have done evil, says the Lord.
καὶ δώσω τὴν γῆν εἰς ἀφανισμόν ἀνθ' ὧν παρέπεσον παραπτώματι λέγει κύριος

- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Fè moun lavil Jerizalèm yo rekonèt tout vye bagay derespektan yo te fè yo.
Son of man, make clear to Jerusalem her disgusting ways,
οὐκ ἀνθρώπου διαμάρτυραι τῆ ἱερουσαλημ τὰς ἀνομίας αὐτῆς
- 3 W'a di moun lavil Jerizalèm yo men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Nou se moun peyi Kanaran, se la nou fèt. Papa nou te yon moun peyi Amori, manman nou yon moun peyi Et.
And say, This is what the Lord has said to Jerusalem: Your start and your birth was from the land of the Canaanite; an Amorite was your father and your mother was a Hittite.
καὶ ἐρεῖς τάδε λέγει κύριος τῆ ἱερουσαλημ ἡ ρίζα σου καὶ ἡ γένεσίς σου ἐκ γῆς χανααν ὁ πατήρ σου αμορραῖος καὶ ἡ μήτηρ σου χετταία
- 4 Jou ou sotif nan vant manman ou lan, yo pa t' koupe kòd lonbrit ou, yo pa t' lave ou nan dlo pou yo te pwòpte ou, yo pa t' fwote ou ak gwo sèl, yo pa t' menm vlope ou nan moso kòt.
As for your birth, on the day of your birth your cord was not cut and you were not washed in water to make you clean; you were not salted or folded in linen bands.
καὶ ἡ γένεσίς σου ἐν ἡ ἡμέρα ἐτέχθης οὐκ ἔδησαν τοὺς μαστοὺς σου καὶ ἐν ὕδατι οὐκ ἐλούσθης οὐδὲ ἀλί ἠλίσθης καὶ σπαργάνοις οὐκ ἐσπαργανώθης
- 5 Pesonn pa t' gen pitye pou ou pou yo te rann ou yonn nan ti sèvis sa yo. Lè ou te fèt la, pesonn pa t' vle wè ou, yo voye ou jete nan jaden.
No eye had pity on you to do any of these things to you or to be kind to you; but you were put out into the open country, because your life was hated at the time of your birth.
οὐδὲ ἐφείσατο ὁ ὀφθαλμὸς μου ἐπὶ σοὶ τοῦ ποιῆσαι σοὶ ἐν ἐκ πάντων τούτων τοῦ παθεῖν τι ἐπὶ σοὶ καὶ ἀπερρίφθης ἐπὶ πρόσωπον τοῦ πεδίου τῆ σκολιότητι τῆς ψυχῆς σου ἐν ἡ ἡμέρα ἐτέχθης
- 6 ¶ Mwen vin ap pase bò la, mwen wè ou t'ap benyen nan san ou. Atout ou t'ap benyen nan san ou, mwen di mwen p'ap kite ou mouri, se pou ou viv.
And when I went past you and saw you stretched out in your blood, I said to you, Though you are stretched out in your blood, have life;
καὶ διήλθον ἐπὶ σὲ καὶ εἶδόν σε πεφυρμένην ἐν τῷ αἱματί σου καὶ εἶπά σοι ἐκ τοῦ αἱματός σου ζώη
- 7 Se pou ou grandi tankou yon plant nan jaden. Ou grandi, ou fòm, ou vin yon bèl jenn fi. Tete ou yo te byen kanpe, pwal te pouse sou kò ou. Men, ou te toutouni.
And be increased in number like the buds of the field; and you were increased and became great, and you came to the time of love: your breasts were formed and your hair was long; but you were uncovered and without clothing.
πληθύνου καθὼς ἡ ἀνατολή τοῦ ἀγροῦ δέδωκά σε καὶ ἐπληθύνθης καὶ ἐμεγαλύνθης καὶ εἰσηλθες εἰς πόλεις πόλεων οἱ μαστοὶ σου ἀνωρθώθησαν καὶ ἡ θρίξ σου ἀνέτειλεν σὺ δὲ ἦσθα γυμνὴ καὶ ἀσχημνοῦσα
- 8 Mwen vin ap pase bò la ankò, mwen wè ou. Ou te rive laj pou ou te renmen. Mwen louvri gwo varèz mwen an sou ou, mwen kouvri kò ou ki te toutouni an. Mwen fè sèman m'ap toujou renmen ou.
Wi, mwen pase kontra maryaj avè ou. Se konsa ou vin madanm mwen. Se Seyè ki sèl mèt la ki di sa.
Now when I went past you, looking at you, I saw that your time was the time of love; and I put my skirts over you, covering your unclothed body: and I gave you my oath and made an agreement with you, says the Lord, and you became mine.
καὶ διήλθον διὰ σοῦ καὶ εἶδόν σε καὶ ἰδοὺ καιρὸς σου καιρὸς καταλυόντων καὶ διεπέτασα τὰς πτέρυγάς μου ἐπὶ σὲ καὶ ἐκάλυψα τὴν ἀσχημοσύνην σου καὶ ὅμοσά σοι καὶ εἰσηλθον ἐν διαθήκη μετὰ σοῦ λέγει κύριος καὶ ἐγένου μοι
- 9 Apre sa, mwen pran dlo, mwen lave ou, mwen wete tout san ki te sou kò ou. Mwen basinen ou ak lwil santi bon.
Then I had you washed with water, washing away all your blood and rubbing you with oil.
καὶ ἔλουσά σε ἐν ὕδατι καὶ ἀπέπλυνα τὸ αἷμά σου ἀπὸ σοῦ καὶ ἔχρισά σε ἐν ἐλαίῳ
- 10 Mwen mete bèl rad bwode sou ou, yon pè soulye fèt ak po bazann nan pye ou, yon bèl moso twal fin blan mare nan ren ou, ak yon chal swa.
And I had you clothed with needlework, and put leather shoes on your feet, folding fair linen about you and covering you with silk.
καὶ ἐνέδυσά σε ποικίλα καὶ ὑπέδησά σε ὑάκινθον καὶ ἔξωσά σε βύσσω καὶ περιέβαλόν σε τριχάπτω
- 11 Mwen kouvri ou ak bijou, mwen mete braslè nan ponyèt ou, m' pase bèl chenn nan kou ou.
And I made you fair with ornaments and put jewels on your hands and a chain on your neck.
καὶ ἐκόσμησά σε κόσμω καὶ περιέθηκα ψέλια περὶ τὰς χεῖράς σου καὶ κάθεμα περὶ τὸν τράχηλόν σου
- 12 Mwen mete yon grenn zanno nan nen ou, yon pè zanno nan zòrèy ou ak yon bèl kouwòn sou tèt ou.
And I put a ring in your nose and ear-rings in your ears and a beautiful crown on your head.
καὶ ἔδωκα ἐνώτιον περὶ τὸν μυκτιῆρά σου καὶ τροχίσκους ἐπὶ τὰ ὄτιά σου καὶ στέφανον καυχίσεως ἐπὶ τὴν κεφαλὴν σου

- 13 Ou te plen bijou lò ak bijou ajan. Ou te toujou mete bèl rad twal fin ak rad swa byen bwode sou ou. Ou manje pen ki fèt ak pi bon kalite farin ansanm ak siwo myèl ak lwil. Chak jou ou vin pi bèl, jouk ou rive larenn.
So you were made beautiful with gold and silver; and your clothing was of the best linen and silk and needlework; your food was the best meal and honey and oil: and you were very beautiful.
 και έκοσμήθης χρυσίω και άργυρίω και τὰ περιβόλαιά σου βύσσινα και τρίγαπτα και ποικίλα σεμίδαλιν και έλαιον και μέλι έφαγες και έγένου καλή σφόδρα
- 14 Nan tout lòt nasyon yo, yo t'ap nonmen non ou pou jan ou te bèl. Pou bèl ou pa t' ka pi bèl pase sa paske se mwen menm ki te fè ou bèl konsa. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
You were so beautiful that the story of you went out into all nations; you were completely beautiful because of my glory which I had put on you, says the Lord.
 και έξήλθεν σου όνομα έν τοίς έθνεσιν έν τῷ κάλλει σου διότι συντετελεσμένον ήν έν ευπρεπεία έν τῇ ώραίότητι ή έταζα έπι σε λέγει κύριος
- 15 ¶ Men, ou kite bèlte ou la fè ou pèdi tèt ou. Ou pwofite dèske tout moun ap nonmen non ou lan pou ou lage kò ou nan dezòd, ou kouche ak dènye moun k'ap pase. Ou lage kò ou ba yo.
But you put your faith in the fact that you were beautiful, acting like a loose woman because you were widely talked of, and offering your cheap love to everyone who went by, whoever it might be.
 και έπεποιθεις έν τῷ κάλλει σου και έπόρνευσας έπι τῷ όνόματί σου και έξέχεας τήν πορνείαν σου έπι πάντα πάροδον ό ούκ έσται
- 16 Ou pran bèl rad koulè ou yo, ou dekore kote w'ap fè sèvis pou lòt bondye sou tèt mòn yo. Tankou yon fanm k'ap fè jennès, ou kouche la ak dènye moun ki vini.
And you took your robes and made high places for yourself ornamented with every colour, acting like a loose woman on them, without shame or fear.
 και έλαβες έκ τῶν ίματιών σου και έποίησας σεαυτή είδωλα ράπτὰ και έξεπόρνευσας έπ' αυτά και ού μη εισέλθης ούδè μη γένηται
- 17 Ou pran bijou lò ak bijou ajan mwen te ba ou yo, ou bay yo pou yo fè estati gason. Epi ou kouche ak estati yo.
And you took the fair jewels, my silver and gold which I had given to you, and made for yourself male images, acting like a loose woman with them;
 και έλαβες τὰ σκευή τῆς καυχήσεώς σου έκ τοῦ χρυσίου μου και έκ τοῦ άργυρίου μου έξ ώς έδωκά σοι και έποίησας σεαυτή είκόνας άρσενικάς και έξεπόρνευσας έν αύταις
- 18 Ou biye estati ou yo ak bèl rad bwode mwen te ba ou yo. Ou pran lwil ak lansan ki te pou mwen yo, ou ofri yo bay estati ou yo.
And you took your robes of needlework for their clothing, and put my oil and my perfume before them.
 και έλαβες τόν ίματισμόν τόν ποικίλον σου και περιέβαλες αυτά και τὸ έλαιόν μου και τὸ θυμίαμά μου έθηκας πρό προσώπου αυτών
- 19 Mwen te ba ou pi bon kalite farin pou fè pen pou ou manje ansanm ak siwo myèl ak lwil. Ou pran yo, ou ofri yo bay zidòl ou yo, ou boule yo nan dife pou yo te ka ba ou chans. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di wi, se sa ou fè.
And my bread which I gave you, the best meal and oil and honey which I gave you for your food, you put it before them for a sweet smell, says the Lord.
 και τούς άρτους μου ούς έδωκά σοι σεμίδαλιν και έλαιον και μέλι έψώμισά σε και έθηκας αυτά πρό προσώπου αυτών εις όσμήν ευωδίας και έγένετο λέγει κύριος
- 20 Apre sa, ou pran pitit gason ak pitit fi ou te fè pou mwen yo, ou al ofri yo bay zidòl yo pou zidòl yo te manje yo. Sa pa t' ase pou ou te lage kò ou nan tout dezòd sa yo
And you took your sons and your daughters whom I had by you, offering even these to them to be their food. Was your loose behaviour so small a thing,
 και έλαβες τούς υιούς σου και τύς θυγατέρας σου άς έγέννησας και έθυσας αυτά αυτοίς εις άνάλωσιν ώς μικρά έξεπόρνευσας
- 21 kifè ou te bezwen koupe kou pitit mwen yo, lèfini pou ou te boule yo nan dife pou zidòl ou yo?
That you put my children to death and gave them up to go through the fire to them?
 και έσφαζας τὰ τέκνα σου και έδοκας αυτά έν τῷ άποτροπιάζεσθαί σε έν αυτοίς
- 22 Pandan tout tan ou t'ap viv nan dezòd sa a, ou pa janm chonje lè ou te piti, lè ou te toutouni ap benyen nan san ou lan?
And in all your disgusting and false behaviour you had no memory of your early days, when you were uncovered and without clothing, stretched out in your blood.
 τούτο παρὰ πᾶσαν τήν πορνείαν σου και ούκ έμνήσθης τύς ήμέρας τῆς νηπιότητός σου ότε ήσθα γυμνή και άσχημονούσα και πεφυρμένη έν τῷ αίματί σου ζήσας
- 23 Seyè sèl Mèt la di ankò: -Madichon, madichon pou ou! Lè ou fin fè tout mechanste sa yo,
And it came about, after all your evil-doing, says the Lord,
 και έγένετο μετά πάσας τύς κακίας σου λέγει κύριος
- 24 sou tout rebò granchemen yo, ou bati tanp pou sèvi zidòl ou yo, pou fè metye jennès ou a.
That you made for yourself an arched room in every open place.
 και όκοδόμησας σεαυτή οικίημα πορνικόν και έποίησας σεαυτή έκθεμα έν πάση πλατειά
- 25 Nan chak kalfou granchemen, ou bati yon tanp kote ou trennen bèlte ou la nan labou. W'ap ofri tèt ou bay dènye moun k'ap pase. Chak jou ou te vin pi mal.
You put up your high places at the top of every street, and made the grace of your form a disgusting thing, opening your feet to everyone who went by, increasing your loose ways.
 και έπ' άρχῆς πάσης όδοῦ όκοδόμησας τὰ πορνείά σου και έλυμήνω τὸ κάλλος σου και διήγαγες τὰ σκέλη σου παντι παρόδῳ και έπλήθυνας τήν πορνείαν σου

- 26 W' al kouche ak moun peyi Lejip yo, vwazen ou yo ki gwonèg anpil. Ou fè, ou fè jouk ou fè m' fache.
 And you went with the Egyptians, your neighbours, great of flesh; increasing your loose ways, moving me to wrath.
 και ἐξεπόρνευσας ἐπὶ τοὺς υἱοὺς αἰγύπτου τοὺς ὁμοροῦντάς σοι τοὺς μεγαλοσάρκους καὶ πολλαχῶς ἐξεπόρνευσας τοῦ παροργίσει με
- 27 Se konsa, mwen lonje men m' sou ou pou m' pini ou, mwen koupe moso nan sa ki te vin pou ou a. Mwen lage ou nan men lènmi ou yo, moun peyi Filisti yo, ki pa t' ka santi tout vye bagay sal ou t'ap fè yo.
 Now, then, my hand is stretched out against you, cutting down your fixed amount, and I have given you up to the desire of your haters, the daughters of the Philistines who are shamed by your loose ways.
 ἐὰν δὲ ἐκτείνω τὴν χεῖρά μου ἐπὶ σέ καὶ ἔξαρῶ τὰ νόμιμά σου καὶ παραδώσω σε εἰς ψυχὰς μισούντων σε θυγατέρας ἄλλοφύλων τὰς ἐκκλινούσας σε ἐκ τῆς ὁδοῦ σου ἧς ἠσέβησας
- 28 Men moun sa yo pa t' ba ou kont plezi ou, ou kouri al jwenn moun peyi Lasiri yo. Ou kouche ak yo. Men yo menm tou, yo pa t' ba ou kont plezi ou.
 And you went with the Assyrians, because of your desire which was without measure; you were acting like a loose woman with them, and still you had not enough.
 και ἐξεπόρνευσας ἐπὶ τὰς θυγατέρας ασσυρ καὶ οὐδ' οὐτως ἐνεπλήσθης καὶ ἐξεπόρνευσας καὶ οὐκ ἐνεπίλω
- 29 W' al fè jennès ak moun Babilòn yo, gwo kòmèsan sa yo. Men yo menm tou, yo pa t' ba ou kont plezi ou!
 And you went on in your loose ways, even as far as the land of Chaldaea, and still you had not enough.
 και ἐπλήθυνας τὰς διαθήκας σου πρὸς γῆν χαλδαίων καὶ οὐδὲ ἐν τούτοις ἐνεπλήσθης
- 30 Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: Se pa ti move mwen pa t' move sou ou! Ou fè tou sa tankou yon jennès je kale.
 How feeble is your heart, says the Lord, seeing that you do all these things, the work of a loose and overruling woman;
 τί διαθῶ τὴν θυγατέρα σου λέγει κύριος ἐν τῷ ποιησαί σε ταῦτα πάντα ἔργα γυναικὸς πόρνης καὶ ἐξεπόρνευσας τρισσῶς
- 31 Ou bati yon lotèl repozwa nan chak kalfou granchemen. Ou bati tanp sou tout rebò granchemen yo. Men, se pa t' dèyè lajan ou te ye tankou lòt fanm k'ap fè jennès yo.
 For you have made your arched room at the top of every street, and your high place in every open place; though you were not like a loose woman in getting together your payment.
 ἐν ταῖς θυγατράσιν σου τὸ πορνεῖόν σου ὀκοδόμησας ἐπὶ πάσης ἀρχῆς ὁδοῦ καὶ τὴν βᾶσιν σου ἐποίησας ἐν πάσῃ πλατεῖᾳ καὶ ἐγένου ὡς πόρνη συνάγουσα μισθώματα
- 32 Ou te tankou yon madan marye ki nan dezòd, ki pito fè bèl ak lòt gason pase pou li renmen mari l'.
 The untrue wife who takes strange lovers in place of her husband!
 ἡ γυνὴ ἢ μοιχωμένη ὁμοία σοι παρὰ τοῦ ἀνδρὸς αὐτῆς λαμβάνουσα μισθώματα
- 33 Yon jennès se peye yo peye sa. Men ou menm, se ou menm ki bay nonm ou yo kado, se ou menm k'ap ofri yo lajan pou yo soti toupatou vin kouche avè ou.
 They give payment to all loose women: but you give rewards to your lovers, offering them payment so that they may come to you on every side for your cheap love.
 πᾶσι τοῖς ἐκπορνεύσασιν αὐτὴν προσεδίδου μισθώματα καὶ σὺ δέδωκας μισθώματα πᾶσι τοῖς ἐρασταῖς σου καὶ ἐφόρτιζες αὐτοὺς τοῦ ἔρχεσθαι πρὸς σέ κυκλόθεν ἐν τῇ πορνείᾳ σου
- 34 Ou pa t' tankou lòt fanm k'ap fè jennès yo. Pesonn pa t' fòse ou fè sa. Yo pa t' peye ou pou sa. Se ou ki t'ap peye moun vin kouche avè ou! Non! Ou pa t' tankou lòt jennès yo!
 And in your loose behaviour you are different from other women, for no one goes after you to make love to you: and because you give payment and no payment is given to you, in this you are different from them.
 και ἐγένετο ἐν σοὶ διεστραμμένον παρὰ τὰς γυναῖκας ἐν τῇ πορνείᾳ σου καὶ μετὰ σοῦ πεπορνεύκασιν ἐν τῷ προσδιδόναι σε μισθώματα καὶ σοὶ μισθώματα οὐκ ἐδόθη καὶ ἐγένετο ἐν σοὶ διεστραμμένα
- 35 ¶ Koulye a, Jerizalèm, gwo jennès, kouste sa Seyè a ap di:
 For this cause, O loose woman, give ear to the voice of the Lord:
 διὰ τοῦτο πόρνη ἄκουε λόγον κυρίου
- 36 Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba ou: Ou wete tout rad sou ou. Ou rete toutouni nèt pou ou te kouche ak nonm ou yo, ansanm ak tout vye zidòl mwen pa vle wè yo. Lèfini, ou touye pitit ou yo, ou ofri yo bay zidòl.
 This is what the Lord has said: Because your unclean behaviour was let loose and your body uncovered in your loose ways with your lovers and with your disgusting images, and for the blood of your children which you gave to them;
 τάδε λέγει κύριος ἀνθ' ὧν ἐξέχεας τὸν χαλκὸν σου καὶ ἀποκαλυφθήσεται ἡ αἰσχὴν σου ἐν τῇ πορνείᾳ σου πρὸς τοὺς ἐραστάς σου καὶ εἰς πάντα τὰ ἐνθυμήματα τῶν ἀνομιῶν σου καὶ ἐν τοῖς αἵμασιν τῶν τέκνων σου ὧν ἔδωκας αὐτοῖς
- 37 Poutèt tou sa, mwen pral reyini tout ansyen nonm ou yo ki te konn pran plezi yo avè ou, ni sa ou te renmen yo, ni sa ou te rayi yo. M'ap fè yo vin fè wonn bò kote ou. Mwen pral wete dènve rad ki sou ou. Mwen pral kite ou toutouni devan je yo.
 For this cause I will get together all your lovers with whom you have taken your pleasure, and all those to whom you have given your love, with all those who were hated by you; I will even make them come together against you on every side, and I will have you uncovered before them so that they may see your shame.
 διὰ τοῦτο ἰδοὺ ἐγὼ ἐπὶ σέ συνάγω πάντας τοὺς ἐραστάς σου ἐν οἷς ἐπεμίγης ἐν αὐτοῖς καὶ πάντας οὓς ἠγάπησας σὺν πᾶσιν οἷς ἐμίσεις καὶ συνάξω αὐτοὺς ἐπὶ σέ κυκλόθεν καὶ ἀποκαλύψω τὰς κακίας σου πρὸς αὐτοὺς καὶ ὄψονται πᾶσαν τὴν αἰσχὴν σου

- 38 M'ap pini ou menm jan yo pini fanm k'ap fè adiltè, ak fanm ki touye moun. M'ap fache, m'ap move, m'ap bay lòd pou yo touye ou.
And you will be judged by me as women are judged who have been untrue to their husbands and have taken life; and I will let loose against you passion and bitter feeling.
 και ἐκδικήσω σε ἐκδικήσει μοιχαλίδος και ἐκχεούσης αἷμα και θήσω σε ἐν αἵματι θυμοῦ και ζήλου
- 39 M'ap lage ou nan men yo, yo pral demoli dènve lotèl repozwa ou fè pou zidòl ou yo, kote w'ap fè jennès la. Y'ap wete tout rad sou ou, y'ap pran tout bijou ou yo, y'ap kite ou toutouni.
I will give you into their hands, and your arched room will be overturned and your high places broken down; they will take your clothing off you and take away your fair jewels: and when they have done, you will be uncovered and shamed.
 και παραδώσω σε εις χεῖρας αὐτῶν και κατασκάψουσιν τὸ πορνειόν σου και καθελούσιν τὴν βάσιν σου και ἐκδύσουσιν σε τὸν ἱματισμόν σου και λήψονται τὰ σκευὴ τῆς καυχίσεώς σου και ἀφήσουσιν σε γυμνὴν και ἀσχημονούσαν
- 40 Yo pral moute tèt yon foul moun pou yo touye ou ak kout wòch, y'ap filange ou ak nepe yo.
And they will get together a meeting against you, stoning you with stones and wounding you with their swords.
 και ἄξουσιν ἐπὶ σέ ὄχλους και λιθοβολήσουσιν σε ἐν λίθοις και κατασφάξουσιν σε ἐν τοῖς ξίφεσιν αὐτῶν
- 41 Y'ap boule tout kay ou yo, y'ap pini ou devan yon foul medam. M'ap fè ou sispann fè jennès, m'ap fè ou sispann bay nonm ou yo kado.
And they will have you burned with fire, sending punishments on you before the eyes of great numbers of women; and I will put an end to your loose ways, and you will no longer give payment.
 και ἐμπρήσουσιν τοὺς οἴκους σου πυρὶ και ποιήσουσιν ἐν σοὶ ἐκδικήσεις ἐνόπιον γυναικῶν πολλῶν και ἀποστρέψω σε ἐκ τῆς πορνείας σου και μισθώματα οὐ μὴ δῶς οὐκέτι
- 42 Apre sa, mwen p'ap move sou ou ankò. M'a sispann fè jalouzi. Mwen p'ap fache ankò.
And the heat of my wrath against you will have an end, and my bitter feeling will be turned away from you, and I will be quiet and will be angry no longer.
 και ἐπαφήσω τὸν θυμόν μου ἐπὶ σέ και ἐξαρθήσεται ὁ ζήλός μου ἐκ σοῦ και ἀναπαύσομαι και οὐ μὴ μεριμνήσω οὐκέτι
- 43 Ou pa t' chonje jan m' te ajì avè ou lè ou te jenn lan. Ou te fè m' move anpil pou tou sa ou te fè yo. Se poutèt sa mwen te fè ou peye pou tout. Se mwen menm Seyè a, Bondye sèl Mèt la, ki di sa.
Poukisa ou fè tout dezòd vakabonday sa yo mete sou tout lòt bagay derespektan ou fè yo?
Because you have not kept in mind the days when you were young, but have been troubling me with all these things; for this reason I will make the punishment of your ways come on your head, says the Lord, because you have done this evil thing in addition to all your disgusting acts.
 ἀνθ' ὧν οὐκ ἐμνήσθης τὴν ἡμέραν τῆς νηπιότητός σου και ἐλύπεις με ἐν πᾶσι τούτοις και ἐγὼ ἰδοὺ τὰς ὁδοὺς σου εις κεφαλὴν σου δέδωκα λέγει κύριος και οὕτως ἐποίησας τὴν ἀσέβειαν ἐπὶ πάσαις τ αἷς ἀνομίας σου
- 44 ¶ Seyè a di ankò: Koulye a moun ki renmen fè pwovèb yo pral bay yonn sou do lavil Jerizalèm. Yo pral di: Joumou pa donne kalbas. Pitit fi a ap soti tankou manman l'.
See, in every common saying about you it will be said, As the mother is, so is her daughter.
 ταῦτά ἐστιν πάντα ὅσα εἶπαν κατὰ σοῦ ἐν παραβολῇ λέγοντες καθὼς ἡ μήτηρ και ἡ θυγάτηρ
- 45 Wi, ou se pitit manman ou vre. Li pa t' vle wè ni mari l' ni pitit li yo. Ou menm moun ak sè ou yo. Yo menm tou, yo pa t' vle wè ni mari yo, ni pitit yo. Se yon fanm peyi Et ki te manman nou tout. Se yon moun peyi Amori ki te papa nou.
You are the daughter of your mother whose soul is turned in disgust from her husband and her children; and you are the sister of your sisters who were turned in disgust from their husbands and their children: your mother was a Hittite and your father an Amorite.
 θυγάτηρ τῆς μητρὸς σου σὺ εἶ ἡ ἀπωσαμένη τὸν ἄνδρα αὐτῆς και τὰ τέκνα αὐτῆς και ἀδελφὴ τῶν ἀδελφῶν σου τῶν ἀπωσαμένων τοὺς ἄνδρας αὐτῶν και τὰ τέκνα αὐτῶν ἡ μήτηρ ὑμῶν χετταία και ὁ πατήρ ὑμῶν αμορραῖος
- 46 Gran sè ou la rete nan nò. Se lavil Samari ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo. Ti sè ou la rete nan sid. Se lavil Sodòm ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo.
Your older sister is Samaria, living at your left hand, she and her daughters: and your younger sister, living at your right hand, is Sodom and her daughters.
 ἡ ἀδελφὴ ὑμῶν ἡ πρεσβυτέρα σαμάρεια αὐτὴ και αἱ θυγατέρες αὐτῆς ἡ κατοικοῦσα ἐξ εὐωνύμων σου και ἡ ἀδελφὴ σου ἡ νεωτέρα σου ἡ κατοικοῦσα ἐκ δεξιῶν σου σοδομα και αἱ θυγατέρες αὐτῆς
- 47 Ou mache dèyè yo pye pou pye, ou fè tout vye bagay derespektan yo fè. Men, nan tou sa ou fè yo, ou fè pi mal pase yo.
Still you have not gone in their ways or done the disgusting things which they have done; but, as if that was only a little thing, you have gone deeper in evil than they in all your ways.
 και οὐδ' ὡς ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτῶν ἐπορεύθης οὐδὲ κατὰ τὰς ἀνομίας αὐτῶν ἐποίησας παρὰ μικρὸν και ὑπέρκεισαι αὐτὰς ἐν πάσαις ταῖς ὁδοῖς σου
- 48 Se poutèt sa, jan nou konnen mwen vivan vre a, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, m'ap di ou: Sè ou la, lavil Sodòm ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo, yo pa t' janm rive fè tou sa ou menm lavil Jerizalèm, ou te fè ansanm ak tout ti bouk ki sou kont ou yo.
By my life, says the Lord, Sodom your sister never did, she or her daughters, what you and your daughters have done.
 ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος εἰ πεποίηκεν σοδομα ἡ ἀδελφὴ σου αὐτὴ και αἱ θυγατέρες αὐτῆς ὄν τρόπον ἐποίησας σὺ και αἱ θυγατέρες σου

- 49 Kisa lavil Sodòm te fè konsa? Li t'ap gonfle lestonmak li sou moun, paske li te gen kont manje pou l' manje. Yo t'ap viv kè pòpòz san pwoblèm. Men, yo pa janm lonje men bay pòn malere ak moun ki nan neseseite.
Truly, this was the sin of your sister Sodom: pride, a full measure of food, and the comforts of wealth in peace, were seen in her and her daughters, and she gave no help to the poor or to those in need.
πλὴν τοῦτο τὸ ἀνόμημα σοδομων τῆς ἀδελφῆς σου ὑπερηφανία ἐν πλησμονῇ ἄρτων καὶ ἐν εὐθηνία οἴνου ἐσπατάλων αὐτὴ καὶ αἱ θυγατέρες αὐτῆς τοῦτο ὑπῆρχεν αὐτῇ καὶ ταῖς θυγατράσιν αὐτῆς καὶ χ εἶρα πτωχοῦ καὶ πένητος οὐκ ἀντελαμβάνοντο
- 50 Yo kite lògèy vire lòlòj yo, yo fè tèt di, yo fè bagay yo konnen mwen pa vle wè moun fè. Se poutèt sa mwen disparèt yo, jan ou konnen l' lan.
They were full of pride and did what was disgusting to me: and so I took them away as you have seen.
καὶ ἐμεγαλᾶχουν καὶ ἐποίησαν ἀνομήματα ἐνώπιόν μου καὶ ἐξῆρα αὐτάς καθὼς εἶδον
- 51 Lavil Samari menm pa t' fè mwatye nan sa ou fè. Ou fè plis bagay derespektan pase l'. Ou fè sè ou yo pase pou inonsan bò kote ou.
And Samaria has not done half your sins; but you have made the number of your disgusting acts greater than theirs, making your sisters seem more upright than you by all the disgusting things which you have done.
καὶ σαμάρεια κατὰ τὰς ἡμίσεις τῶν ἀμαρτιῶν σου οὐχ ἤμαρτεν καὶ ἐπλήθυνας τὰς ἀνομίας σου ὑπὲρ αὐτάς καὶ ἐδικαίωσας τὰς ἀδελφάς σου ἐν πάσαις ταῖς ἀνομίαις σου αἷς ἐποίησας
- 52 Ou pral wont tèt ou pou sa ou fè. Ou sitèlman fè peche ki pi lèd pase sa sè ou yo fè a, ou ba yo rezon, yo parèt inonsan bò kote ou. Wi, se pou ou wont. Se pou ou kache figi ou, paske ou fè sè ou yo pase pou inonsan bò kote ou.
And you yourself will be put to shame, in that you have given the decision for your sisters; through your sins, which are more disgusting than theirs, they are more upright than you: truly, you will be shamed and made low, for you have made your sisters seem upright.
καὶ σὺ κόμισαι βάσανόν σου ἐν ᾗ ἔφθειρας τὰς ἀδελφάς σου ἐν ταῖς ἀμαρτίαις σου αἷς ἠνόμησας ὑπὲρ αὐτάς καὶ ἐδικαίωσας αὐτάς ὑπὲρ σεαυτὴν καὶ σὺ αἰσχρόνητι καὶ λαβὲ τὴν ἀτιμίαν σου ἐν τῷ δικ αἰῶσαί σε τὰς ἀδελφάς σου
- 53 Seyè a pale ak lavil Jerizalèm, li di l' konsa: -M'ap mete yo kanpe ankò, lavil Sodòm ak lavil Samari ansanm ak tout ti bouk ki sou kont yo. Bout pou bout, ou menm tou m'ap mete ou kanpe ankò.
And I will let their fate be changed, the fate of Sodom and her daughters, and the fate of Samaria and her daughters, and your fate with theirs.
καὶ ἀποστρέψω τὰς ἀποστροφὰς αὐτῶν τὴν ἀποστροφήν σοδομων καὶ τῶν θυγατέρων αὐτῆς καὶ ἀποστρέψω τὴν ἀποστροφήν σαμαρείας καὶ τῶν θυγατέρων αὐτῆς καὶ ἀποστρέψω τὴν ἀποστροφήν σου ἐν μέσῳ αὐτῶν
- 54 Ou pral wont tèt ou pou tou sa ou te fè. Yo pral pale ou mal. Sè ou yo pral wè yo pa pi mal pase sa. Sa pral yon konsolasyon pou yo.
So that you will be shamed and made low because of all you have done, when I have mercy on you.
ὅπως κομίσει τὴν βάσανόν σου καὶ ἀτιμώθησιν ἐκ πάντων ὧν ἐποίησας ἐν τῷ σε παροργίσει με
- 55 Lavil Sodòm ak tout ti bouk li yo pral kanpe ankò jan yo te ye anvan an. Lavil Samari ak tout ti bouk li yo pral kanpe ankò jan yo te ye anvan an. Ou menm tou, lavil Jerizalèm ak tout ti bouk ou yo, nou pral kanpe ankò jan nou te ye anvan an.
And your sisters, Sodom and her daughters, will go back to their first condition, and Samaria and her daughters will go back to their first condition, and you and your daughters will go back to your first condition.
καὶ ἡ ἀδελφὴ σου σοδομα καὶ αἱ θυγατέρες αὐτῆς ἀποκατασταθήσονται καθὼς ἦσαν ἀπ' ἀρχῆς καὶ σαμάρεια καὶ αἱ θυγατέρες αὐτῆς ἀποκατασταθήσονται καθὼς ἦσαν ἀπ' ἀρχῆς καὶ σὺ καὶ αἱ θυγατέρες σου ἀποκατασταθήσεσθε καθὼς ἀπ' ἀρχῆς ἦτε
- 56 Lè ou te an penpan an, èske ou pa t' konn pase Sodòm nan betiz,
Was not your sister Sodom an oath in your mouth in the day of your pride,
καὶ εἰ μὴ ἦν σοδομα ἡ ἀδελφὴ σου εἰς ἀκοὴν ἐν τῷ στόματί σου ἐν ταῖς ἡμέραις ὑπερηφανίας σου
- 57 anvan yo te denonse tout mehanste ou yo? Koulye a, se ou menm moun Aram yo, moun Filisti yo ansanm ak lòt moun nan vwazinaj ki pa vle wè ou yo pral pase nan betiz.
Before your shame was uncovered? Now you have become like her a word of shame to the daughters of Edom and all who are round about you, the daughters of the Philistines who put shame on you round about.
πρὸ τοῦ ἀποκαλυφθῆναι τὰς κακίας σου ὧν τρόπον νῦν ὄνειδος εἶ θυγατέρων συρίας καὶ πάντων τῶν κύκλῳ αὐτῆς θυγατέρων ἀλλοφύλων τῶν περιεχουσῶν σε κύκλῳ
- 58 Ou pral peye pou tout bagay derespektan ak bagay mwen pa vle wè ou te fè yo. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
The reward of your evil designs and your disgusting ways has come on you, says the Lord.
τὰς ἀσεβείας σου καὶ τὰς ἀνομίας σου σὺ κεκόμισαι αὐτάς λέγει κύριος
- 59 Seyè a pale ak lavil Jerizalèm, li di l' konsa: -Mwen pral boule avè ou jan ou merite l' la, paske ou pa ka kenbe pawòl ou, ou kase kontra a.
For this is what the Lord has said: I will do to you as you have done, you who, putting the oath on one side, have let the agreement be broken.
τάδε λέγει κύριος καὶ ποιήσω ἐν σοὶ καθὼς ἐποίησας ὡς ἠτίμωσας ταῦτα τοῦ παραβῆναι τὴν διαθήκην μου

- 60 ¶ Men, m'ap chonje kontra mwen te pase avè ou lè ou te jenn lan. M'ap siyen yon lòt kontra avè ou, yon kontra k'ap la pou tout tan.
But still I will keep in mind the agreement made with you in the days when you were young, and I will make with you an eternal agreement.
καὶ μνησθήσομαι ἐγὼ τῆς διαθήκης μου τῆς μετὰ σοῦ ἐν ἡμέραις νηπιότητός σου καὶ ἀναστήσω σοὶ διαθήκην αἰώνιον
- 61 Ou menm, w'a chonje sa ou te fè, w'a wont lè w'a resevwa gran sè ak ti sè ou yo. M'ap ba ou yo pou pitit fi pa ou malgre sa pa t' nan kontra a.
Then at the memory of your ways you will be overcome with shame, when I take your sisters, the older and the younger, and give them to you for daughters, but not by your agreement.
καὶ μνησθήσῃ τὴν ὁδὸν σου καὶ ἐξατιμωθήσῃ ἐν τῷ ἀναλαβεῖν σε τὰς ἀδελφάς σου τὰς πρεσβυτέρας σου σὺν ταῖς νεωτέραις σου καὶ δώσω αὐτάς σοι εἰς οἰκοδομὴν καὶ οὐκ ἐκ διαθήκης σου
- 62 Wi, se mwen menm k'ap siyen kontra mwen an avè ou ankò. Lè sa a, w'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And I will make my agreement with you; and you will be certain that I am the Lord:
καὶ ἀναστήσω ἐγὼ τὴν διαθήκην μου μετὰ σοῦ καὶ ἐπιγνώσῃ ὅτι ἐγὼ κύριος
- 63 M'ap padonnen ou tou sa ou te fè. Men ou menm, w'ap chonje sa ou te fè yo, w'a wont, ou p'ap ka louvri bouch ou ankò tèlman w'a wont. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
So that, at the memory of these things, you may be at a loss, never opening your mouth because of your shame; when you have my forgiveness for all you have done, says the Lord.
ὅπως μνησθῆς καὶ αἰσχυνθῆς καὶ μὴ ἦ σοι ἐτι ἀνοῖξαι τὸ στόμα σου ἀπὸ προσώπου τῆς ἀτιμίας σου ἐν τῷ ἐξιλάσκεσθαι μέ σοι κατὰ πάντα ὅσα ἐποίησας λέγει κύριος
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Bay moun pèp Izrayèl yo yon pawoli. Rakonte yo yon parabòl.
Son of man, give out a dark saying, and make a comparison for the children of Israel,
οὐκ ἀνθρώπου διήγησαι διήγημα καὶ εἰπὸν παραβολὴν πρὸς τὸν οἶκον τοῦ Ἰσραηλ
- 3 Di yo men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Vwala, se te yon gwo gwo malfini ak zèl li yo byen laj. Plim li yo te long epi yo te tout kalite koulè. Li vole li ale nan peyi Liban, li kase tèt yon pye sèd.
And say, This is what the Lord has said: A great eagle with great wings, full of long feathers of different colours, came to Lebanon, and took the top of the cedar:
καὶ ἐρεῖς τάδε λέγει κύριος ὁ ἀετὸς ὁ μέγας ὁ μεγαλοπτερυγὸς ὁ μακρὸς τῆ ἑκτάσει πλήρης ὄνυχων ὃς ἔχει τὸ ἦγημα εἰσελθεῖν εἰς τὸν λίβανον καὶ ἔλαβε τὰ ἐπιλεκτὰ τῆς κέδρου
- 4 Li pran l', li pote l' ale nan yon peyi kote moun se trafik ase y'ap fè la. Li mete l' nan yon lavil kote se kòmèsan ase ki rete la.
Biting off the highest of its young branches, he took it to the land of Canaan, and put it in a town of traders.
τὰ ἄκρα τῆς ἀπαλότῃτος ἀπέκνισεν καὶ ἤνεγκεν αὐτὰ εἰς γῆν χανααν εἰς πόλιν τεταχισμένην ἔθετο αὐτά
- 5 Lèfini, li pran yon ti plan nan peyi Izrayèl la, li plante l' nan yon bon venn tè, toupre yon larivyè ki toujou plen dlo, pou l' ka grandi tankou yon pye sikren.
And he took some of the seed of the land, planting it in fertile earth, placing it by great waters; he put it in like a willow-tree.
καὶ ἔλαβεν ἀπὸ τοῦ σπέρματος τῆς γῆς καὶ ἔδωκεν αὐτὸ εἰς τὸ πεδῖον φυτὸν ἐφ' ὕδατι πολλῷ ἐπιβλεπόμενον ἔταξεν αὐτό
- 6 Ti plan an pran, li fè yon bèl pye rezen ki pa twò wo. Branch li yo grandi, yo moute nan direksyon malfini an, men rasin li yo menm desann fon anba tè. Li bay yon bèl pye rezen ak anpil branch plen fèy.
And its growth went on and it became a vine, low and widely stretching, whose branches were turned to him and its roots were under him: so it became a vine, putting out branches and young leaves.
καὶ ἀνέτειλεν καὶ ἐγένετο εἰς ἄμπελον ἀσθενοῦσαν καὶ μικρὰν τῷ μεγέθει τοῦ ἐπιφαινεσθαι αὐτὴν τὰ κλήματα αὐτῆς ἐπ' αὐτὴν καὶ αἱ ρίζαι αὐτῆς ὑποκάτω αὐτῆς ἦσαν καὶ ἐγένετο εἰς ἄμπελον καὶ ἐπ οἴησεν ἀπόφυγας καὶ ἐξέτεινεν τὴν ἀναδενδράδα αὐτῆς
- 7 Te vin gen yon lòt gwo malfini ak gwo zèl byen laj ak anpil plim sou li. Lè sa a, pye rezen an poue rasin nan direksyon malfini sa a. Li vire tout branch li yo nan direksyon l' tou. Li te konprann malfini sa a tapral wouze l' pi byen pase jaden kote l' te plante a.
And there was another eagle with great wings and thick feathers: and now this vine, pushing out its roots to him, sent out its branches in his direction from the bed where it was planted, so that he might give it water.
καὶ ἐγένετο ἀετὸς ἕτερος μέγας μεγαλοπτερυγὸς πολλὰς ὄνυξιν καὶ ἰδοὺ ἡ ἄμπελος αὐτὴ περιπεπλεγμένη πρὸς αὐτόν καὶ αἱ ρίζαι αὐτῆς πρὸς αὐτόν καὶ τὰ κλήματα αὐτῆς ἐξαπέστειλεν αὐτῷ τοῦ ποτίσαι αὐτὴν σὺν τῷ βῶλῳ τῆς φυτείας αὐτῆς
- 8 Men, pye rezen an te deja plante nan yon bon venn tè, kote yon kannal ki toujou gen dlo, pou l' te ka fè fèy, pou l' te ka donnen, pou li te ka rive fè yon bèl pye rezen.
He had it planted in a good field by great waters so that it might put out branches and have fruit and be a strong vine.
εἰς πεδῖον καλὸν ἐφ' ὕδατι πολλῷ αὐτὴ πιαίνεται τοῦ ποιεῖν βλαστοὺς καὶ φέρειν καρπὸν τοῦ εἶναι εἰς ἄμπελον μεγάλην

- 9 Di yo men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Eske pye rezen an ap grandi vre? Eske premye malfini an p'ap dechouke l', rache tout grap rezen l' yo, kase tout branch li yo pou yo mouri? Li p'ap bezwen anpil fòs ni yon lame moun pou l' dechouke l'.
Say, This is what the Lord has said: Will it do well? will he not have its roots pulled up and its branches cut off, so that all its young leaves may become dry and it may be pulled up by its roots?
διὰ τοῦτο εἰπὸν τάδε λέγει κύριος εἰ κατεθυνεῖ οὐχὶ αἱ ῥίζαι τῆς ἀπαλότῃτος αὐτῆς καὶ ὁ καρπὸς σαπῆσεται καὶ ξηρανθήσεται πάντα τὰ προανατέλλοντα αὐτῆς καὶ οὐκ ἐν βραχίονι μεγάλῳ οὐδ' ἐν λ αῶ πολλῶ τοῦ ἐκπάσαι αὐτὴν ἐκ ῥιζῶν αὐτῆς
- 10 Wi, yo te plante l'. Men, eske l'ap grandi? Eske li p'ap mouri lè van lès la va souffle sou li? Eske li p'ap mouri lamenn kote li t'ap pouse a?
And if it is planted will it do well? will it not become quite dry at the touch of the east wind, drying up in the bed where it was planted?
καὶ ἰδοὺ πιαίνεται μὴ κατεθυνεῖ οὐχ ἅμα τῷ ἄψασθαι αὐτῆς ἄνεμον τὸν καύσωνα ξηρανθήσεται ξηρασία σὺν τῷ βῶλῳ ἀνατολῆς αὐτῆς ξηρανθήσεται
- 11 Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
Then the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 12 -Pale ak bann moun tèt di sa yo. Mande yo si yo konprann sans parabòl la. Di yo konsa: Wa lavil Babilòn lan te vini lavil Jerizalèm, li pran wa a ansanm ak tout chèf li yo, li mennen yo ansanm avè l' lavil Babilòn.
Say now to this uncontrolled people, Are these things not clear to you? Say to them, See, the king of Babylon came to Jerusalem and took its king and its rulers away with him to Babylon;
οὐδὲ ἀνθρώπου εἰπὸν δὴ πρὸς τὸν οἶκον τὸν παραπικραίνοντα οὐκ ἐπίστασθε τί ἦν ταῦτα εἰπὸν ὅταν ἔλθῃ βασιλεὺς βαβυλῶνος ἐπὶ ἱερουσαλὴμ καὶ λήμψεται τὸν βασιλέα αὐτῆς καὶ τοὺς ἄρχοντας αὐτῆς καὶ ἄξει αὐτοὺς πρὸς ἑαυτὸν εἰς βαβυλῶνα
- 13 Li pran yon moun nan fanmi wa a, li pase kontra avè l', li fè l' sèman pou l' toujou soumèt devan li. Li pran tout grannèg ki nan peyi a, li fè yo prizonnye, li depòte yo.
And he took one of the sons of the king and made an agreement with him; and he put him under an oath, and took away the great men of the land:
καὶ λήμψεται ἐκ τοῦ σπέρματος τῆς βασιλείας καὶ διαθήσεται πρὸς αὐτὸν διαθήκην καὶ εἰσάξει αὐτὸν ἐν ἄρᾳ καὶ τοὺς ἡγουμένους τῆς γῆς λήμψεται
- 14 Konsa, li sèten peyi a va rete tou piti anba men l', yo p'ap ka leve tèt devan li, y'a toujou kenbe kontra li te pase ak yo a.
So that the kingdom might be made low with no power of lifting itself up, but might keep his agreement to be his servants.
τοῦ γενέσθαι εἰς βασιλείαν ἄσθενῆ τὸ καθόλου μὴ ἐπαίρεσθαι τοῦ φυλάσσειν τὴν διαθήκην αὐτοῦ καὶ ἰστάνειν αὐτήν
- 15 Men, wa peyi Jida a revòlte. Li voye mesaje nan peyi Lejip al chache chwal ak anpil sòlda. Eske l'ap rive fè sa li vle fè a? Eske li ka soti nan sitiyaasyon kote l' ye a? Depi li kase kontra a, fòk li peye l'.
But he went against his authority in sending representatives to Egypt to get from them horses and a great army. Will he do well? will he be safe who does such things? if the agreement is broken will he be safe?
καὶ ἀποστήσεται ἀπ' αὐτοῦ τοῦ ἐξαποστέλλειν ἀγγέλους ἑαυτοῦ εἰς αἴγυπτον τοῦ δοῦναι αὐτῷ ἵππους καὶ λαὸν πολὺν εἰ κατεθυνεῖ εἰ διασωθήσεται ὁ ποιὼν ἐναντία καὶ παραβαίνων διαθήκην εἰ σωθῆσεται
- 16 Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale: Jan nou konnen mwen vivan vre a, wa a pral lavil Babilòn, paske li te kase kontra a, li pa t' respekte kondisyon li te pase ak wa lavil Babilòn lan ki te mete l' la pou gouvènè peyi a.
By my life, says the Lord, truly in the place of the king who made him king, whose oath he put on one side and let his agreement with him be broken, even in Babylon he will come to his death.
ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος ἐὰν μὴ ἐν ᾧ τόπῳ ὁ βασιλεὺς ὁ βασιλεύσας αὐτόν ὃς ἠτίμωσεν τὴν ἄράν μου καὶ ὃς παρέβη τὴν διαθήκην μου μετ' αὐτοῦ ἐν μέσῳ βαβυλῶνος τελευτήσῃ
- 17 Farawon an te mèt vini ak yon gwo lame ansanm ak anpil sòlda, li p'ap ka ede l' goumen nan lagè a, lè moun Babilòn yo va vin moute ranblè ak fouye gwo kannal pou yo touye moun san gad dèyè.
And Pharaoh with his strong army and great forces will be no help to him in the war, when they put up earthworks and make strong walls for the cutting off of lives:
καὶ οὐκ ἐν δυνάμει μεγάλῃ οὐδ' ἐν ὄχλῳ πολλῶ ποιήσει πρὸς αὐτὸν φαραὼ πόλεμον ἐν χαρακοβολία καὶ ἐν οἰκοδομῇ βελοστάσεων τοῦ ἐξῆραι ψυχὰς
- 18 Wa peyi Izrayèl la pa respekte pawòl li, li kase kontra a. Malgre angajman li te pran yo, li fè tout bagay sa yo. Sa p'ap pase konsa pou li.
- 11 Wi, y'ap netwaye nepe a. Y'ap pare l' pou moun ka sèvi avè l'. Y'ap file l', y'ap netwaye l' pou yo mete l' nan men bouwo a.
And I have given it to the polisher so that it may be taken in the hand: he has made the sword sharp, he has had it polished, to put it into the hand of him who gives death.
 και σύ υἱὲ ἀνθρώπου καταστέναξον ἐν συντριβῇ ὀσφύος σου καὶ ἐν ὀδύναϊς στενάξεις κατ' ὀφθαλμοὺς αὐτῶν
- 12 Ou menm, nonm o! Rele kont rele ou! Rele byen fò. Se pou pèp mwen an y'ap pare nepe a, pou tout chèf pèp Izrayèl yo. Yo pral touye yo ansanm ak tout pèp mwen an. Pran lapenn pou yo!
Give loud cries and make sounds of grief, O son of man: for it has come on my people, it has come on all the rulers of Israel: fear of the sword has come on my people: for this cause give signs of grief.
 και ἔσται ἐὰν εἰπωσιν πρὸς σέ ἕνεκα τίνος σὺ στενάξεις καὶ ἐρεῖς ἐπὶ τῇ ἀγγελίᾳ διότι ἔρχεται καὶ θραυσθήσεται πᾶσα καρδιά καὶ πᾶσαι χεῖρες παραλυθήσονται καὶ ἐκψύξει πᾶσα σὰρξ καὶ πᾶν πνεῦμα α καὶ πάντες μηροὶ μολυνθήσονται ὕγρασία ἰδοὺ ἔρχεται καὶ ἔσται λέγει κύριος κύριος
- 13 N'ap sonde pèp la. Si yo derefize chanje, tout bagay sa yo ap rive vre! Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.
 ...
 και ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 14 Koulye a, nonm o! Bay mesaj sa a. Lèfini, bat men pou ankouraje. Nepe a ap pase de fwa. Nepe a ap pase twa fwa. Nepe a ap touye anpil moun. Nepe a ap sènen yo kote yo vire.
So then, son of man, be a prophet, and put your hands together with a loud sound, and give two blows with the sword, and even three; it is the sword of those who are wounded, even the sword of the wounded; the great sword which goes round about them.
 υἱὲ ἀνθρώπου προφήτευσον καὶ ἐρεῖς τάδε λέγει κύριος εἰπὸν ῥομφαία ῥομφαία ὀξύνου καὶ θυμώθητι

- 15 L'ap fè pèp mwen an pèdi tout kouraj li, y'ap tonbe yonn sou lòt. Mwen mete nepe nan tout pòtay yo, yon nepe k'ap bay zèklè, yon nepe ki pare pou touye anpil moun.
In order that hearts may become soft, and the number of those who are falling may be increased, I have sent death by the sword against all their doors: you are made like a flame, you are polished for death.
ὅπως σφάξης σφάγια ὀξύνου ὅπως γένη εἰς στίλβωσιν ἑτοίμη εἰς παράλυσιν σφάζε ἐξουδένει ἀποθοῦ πᾶν ζύλον
- 16 Ou menm, nepe file, koupe sou bò dwat, koupe sou bò gòch. Kote ou vire, koupe!
Be pointed to the right, to the left, wherever your edge is ordered.
καὶ ἔδωκεν αὐτὴν ἑτοίμην τοῦ κρατεῖν χεῖρα αὐτοῦ ἐξηκονθήη ῥομφαία ἔστιν ἑτοίμη τοῦ δοῦναι αὐτὴν εἰς χεῖρα ἀποκεντοῦντος
- 17 Mwen menm tou, m'ap bat men pou ankouraje. Se pou m' move sou yo jouk mwen p'ap kapab ankò. Se mwen menm, Seyè a, ki pale.
And I will put my hands together with a loud sound, and I will let my wrath have rest: I the Lord have said it.
ἀνάκραγε καὶ ὀλόλυξον υἱὲ ἀνθρώπου ὅτι αὐτὴ ἐγένετο ἐν τῷ λαῷ μου αὐτὴ ἐν πᾶσιν τοῖς ἀφηγουμένοις τοῦ ἰσραὴλ παροικήσουσιν ἐπὶ ῥομφαία ἐγένετο ἐν τῷ λαῷ μου διὰ τοῦτο κρότησον ἐπὶ τὴν χεῖρά σου
- 18 ¶ Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me again, saying,
ὅτι δεδικαίωται καὶ τί εἰ καὶ φυλὴ ἀπόσθη οὐκ ἔσται λέγει κύριος κύριος
- 19 -Nonm o! Trase de chemen kote pou wa Babilòn lan ka pase ak nepe l'. De chemen yo ap soti nan menm peyi a. Mete de mak nan kalfou kote yo separe a,
And you, son of man, have two ways marked out, so that the sword of the king of Babylon may come; let the two of them come out of one land: and let there be a pillar at the top of the road:
καὶ σύ υἱὲ ἀνθρώπου προφήτευσον καὶ κρότησον χεῖρα ἐπὶ χεῖρα καὶ διαπλάσιον ῥομφαίαν ἢ τρίτη ῥομφαία τραυματιῶν ἔστιν ῥομφαία τραυματιῶν ἢ μεγάλη καὶ ἐκστήσει αὐτούς
- 20 yonn pou moutre wa a chemen ki mennen lavil Raba nan peyi Amon, yonn pou moutre l' chemen ki ale peyi Jida rive lavil Jerizalèm ki byen pwoteje ak ranpa a.
Put a pillar at the top of the road for the sword to come to Rabbah in the land of the children of Ammon, and to Judah and to Jerusalem in the middle of her.
ὅπως θραυσθῆ ἡ καρδία καὶ πληθυνθῶσιν οἱ ἀσθενούντες ἐπὶ πᾶσαν πύλην αὐτῶν παραδέδονται εἰς σφάγια ῥομφαίας εὖ γέγονεν εἰς σφαγὴν εὖ γέγονεν εἰς στίλβωσιν
- 21 Wa Babilòn lan kanpe nan kalfou a bò mak yo, l'ap souke flèch yo voye atè pou li ka konnen ki wout pou li pran. L'ap mande zidòl yo sa pou l' fè, l'ap egzaminen fresi bèt yo touye pou bondye yo.
For the king of Babylon took his place at the parting of the ways, at the top of the two roads, to make use of secret arts: shaking the arrows this way and that, he put questions to the images of his gods, he took note of the inner parts of dead beasts.
διαπορεύου ὀξύνου ἐκ δεξιῶν καὶ ἐξ εὐωνύμων οὗ ἂν τὸ πρόσωπόν σου ἐξεγείρηται
- 22 Bon! Men li kenbe flèch ki bay direksyon lavil Jerizalèm lan! Sa vle di se pou l' atake lavil Jerizalèm ak machin lagè yo, bay lòd pou yo touye tout moun, bay siyal pou yo mache sou lavil la ak gwo poto bwa pou defonse pòtay li yo, pou yo anpile ranblè nan pye miray li yo, pou yo fouye gwo kannal sènen l' toupatou.
At his right hand was the fate of Jerusalem, to give orders for destruction, to send up the war-cry, to put engines of war against the doors, lifting up earthworks, building walls.
καὶ ἐγὼ δὲ κροτήσω χεῖρά μου πρὸς χεῖρά μου καὶ ἐναφήσω τὸν θυμόν μου ἐγὼ κύριος λελάληκα
- 23 Moun lavil Jerizalèm yo p'ap kwè sa w'ap di a se vre paske yo te pase kontra avè l'. Men, mesaj w'ap bay la se pou fè yo chonje tou sa yo fè ki mal, pou fè konnen y'ap fè yo prizonnye.
And this answer given by secret arts will seem false to those who have given their oaths and have let them be broken: but he will keep the memory of evil-doing so that they may be taken.
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 24 Se poutèt sa, men sa mwen menm Seyè sèl Mèt la, m'ap di yo: Tout moun konnen jan nou pa bon. Nou fè tout peche nou yo aklè. Nan tou sa n'ap fè nou moutre jan nou mechan. Se poutèt sa, y'ap kondannan nou. N'ap tonbe anba men lènmi nou yo.
For this cause the Lord has said: Because you have made your evil-doing come to mind by the uncovering of your wrongdoing, causing your sins to be seen in all your evil-doings; because you have come to mind, you will be taken in them.
καὶ σύ υἱὲ ἀνθρώπου διάταξον σεαυτῷ δύο ὁδοὺς τοῦ εἰσελθεῖν ῥομφαίαν βασιλέως βαβυλῶνος ἐκ χώρας μιᾶς ἐξελεύσονται αἱ δύο καὶ χεῖρ ἐν ἀρχῇ ὁδοῦ πόλεως ἐπ' ἀρχῆς
- 25 Kanta pou ou menm, chèf peyi Izrayèl la, krimenèl san respè pou Bondye, jou pa ou la, jou dènye chatiman ou lan ap rive.
And you, O evil one, wounded to death, O ruler of Israel, whose day has come in the time of the last punishment;
ὁδοῦ διατάξεις τοῦ εἰσελθεῖν ῥομφαίαν ἐπὶ ραββαθ υἱῶν αμμων καὶ ἐπὶ τὴν ἰουδαίαν καὶ ἐπὶ ἱερουσαλημ ἐν μέσῳ αὐτῆς
- 26 Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki pale. Wete kouwòn lan ak gwo bèl mouchwa madras la nan tèt ou. Tout bagay pral chanje. Sa ki anba yo pral moute chèf, sa ki te chèf yo pral tonbe.
This is what the Lord has said: Take away the holy head-dress, take off the crown: this will not be again: let that which is low be lifted up, and that which is high be made low.
διότι στήσεται βασιλεὺς βαβυλῶνος ἐπὶ τὴν ἀρχαίαν ὁδὸν ἐπ' ἀρχῆς τῶν δύο ὁδῶν τοῦ μαντεύσασθαι μαντεῖαν τοῦ ἀναβράσαι ῥάβδον καὶ ἐπερωτήσαι ἐν τοῖς γλυπτοῖς καὶ ἠπατοσκοπήσασθαι ἐκ δεξιῶν αὐτοῦ

- 27 Kraze, kraze, brize! Wi, m'ap fè lavil la tounen mazi. Men, pou sa rive, fòk moun mwen te chwazi pou pini lavil la vini anvan. Se nan men l' m'ap lage l'.
I will let it be overturned, overturned, overturned: this will not be again till he comes whose right it is; and I will give it to him.
ἐγένετο τὸ μαντεῖον ἐπὶ ἱερουσαλὴμ τοῦ βαλεῖν χάρακα τοῦ διανοίξει στόμα ἐν βοῇ ὑψώσαι φωνὴν μετὰ κραυγῆς τοῦ βαλεῖν χάρακα ἐπὶ τὰς πύλας αὐτῆς καὶ βαλεῖν χῶμα καὶ οἰκοδομησαὶ βελοστάσε
ις
- 28 ¶ -Nonm o! Bay mesaj la! Pale. Men sa Seyè sèl Mèt la voye di moun peyi Amon yo k'ap plede joure pèp Izrayèl la. Di yo konsa: Nepe a, nepe a pare pou touye! Li byen file pou depatcha. Li byen netwaye pou fè l' fè zèklè.
And you, son of man, say as a prophet, This is what the Lord has said about the children of Ammon and about their shame: Say, A sword, even a sword let loose, polished for death, to make it shining so that it may be like a flame:
καὶ αὐτὸς αὐτοῖς ὡς μαντευόμενος μαντεῖαν ἐνώπιον αὐτῶν καὶ αὐτὸς ἀναμνησκὼν ἀδικίας αὐτοῦ μνησθῆναι
- 29 Vizyon nou t'ap fè yo pa bon vizyon. Sa yo te di ki gen pou rive a p'ap rive. Nou menm mechan, nou menm malveyan, jou pa nou an, jou pou yo ban nou dènye chatiman nou an ap vini. Nepe a pral tonbe sou nou.
Your vision is to no purpose, your use of secret arts gives a false answer, to put it on the necks of evil-doers who are wounded to death, whose day has come, in the time of the last punishment.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἄνθ' ὃν ἀνεμνήσατε τὰς ἀδικίας ὑμῶν ἐν τῷ ἀποκαλυφθῆναι τὰς ἀσεβείας ὑμῶν τοῦ ὀραθῆναι ἁμαρτίας ὑμῶν ἐν πάσαις ταῖς ἀσεβείαις ὑμῶν καὶ ἐν τοῖς ἐπιτηδεύμασιν ὑμῶν ὃν ἄνθ' ὃν ἀνεμνήσατε ἐν τούτοις ἀλώσεσθε
- 30 Remete nepe a nan djenn li. Mwen pral jije ou kote yo te kreye ou la, nan peyi kote ou te fèt la.
Go back into your cover. In the place where you were made, in the land from which you were taken, I will be your judge.
καὶ σὺ βέβηλε ἄνομε ἀφηγούμενε τοῦ ἰσραὴλ οὐ ἦκει ἡ ἡμέρα ἐν καιρῷ ἀδικίας πέρας
- 31 M'ap fè ou santi jan m' move. Tankou yon gwo dife k'ap boule, m'ap souffle sou ou, m'ap lage ou nan men lwijanboje yo ki pa konnen pase kraze moun.
And I will let loose my burning passion on you, breathing out on you the fire of my wrath: and I will give you up into the hands of men like beasts, trained to destruction.
τάδε λέγει κύριος ἀφείλου τὴν κίδαριν καὶ ἐπέθου τὸν στέφανον αὐτῆ οὐ τοιαύτη ἔσται ἐταπεινώσας τὸ ὑψηλὸν καὶ τὸ ταπεινὸν ὑψώσας
- 32 Dife pral boule tout kò ou. San ou pral koule nan tout peyi a. Pesonn p'ap janm chonje ou ankò. Se mwen menm, Seyè a, ki pale.
You will be food for the fire; your blood will be drained out in the land; there will be no more memory of you: for I the Lord have said it.
ἀδικίαν ἀδικίαν θήσομαι αὐτὴν οὐδ' αὐτῆ τοιαύτη ἔσται ἕως οὗ ἔλθῃ ᾧ καθήκει καὶ παραδώσω αὐτῷ
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Eske ou vle jije lavil ki renmen fè san koule a? W'a fè l' konnen tout vye bagay derespektan li te fè yo.
And you, son of man, will you be a judge, will you be a judge of the town of blood? then make clear to her all her disgusting ways.
καὶ σὺ υἱὲ ἀνθρώπου εἰ κρινεῖς τὴν πόλιν τῶν αἱμάτων καὶ παράδειξον αὐτῇ πάσας τὰς ἀνομίας αὐτῆς
- 3 W'a di li: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba li. Ou reskonsab lanmò anpil moun ki t'ap viv nan mitan ou. Ou fè vye zidòl pou ou avili tèt ou nan fè sèvis pou yo.
And you are to say, This is what the Lord has said: A town causing blood to be drained out in her streets so that her time may come, and making images in her to make her unclean!
καὶ ἐρεῖς τάδε λέγει κύριος κύριος ὁ πόλις ἐκχέουσα αἵματα ἐν μέσῳ αὐτῆς τοῦ ἐλθεῖν καιρὸν αὐτῆς καὶ ποιοῦσα ἐνθυμήματα καθ' αὐτῆς τοῦ μαινεῖν αὐτήν
- 4 Poutèt tout krim ou fè yo, ou antò. Avèk tout zidòl w'ap sèvi yo, ou pa nan kondisyon sèvi Bondye. Ou fè jou pa ou la pwoche, ou fè lè ou la rive! Se poutèt sa mwen kite nasyon yo pase ou nan betiz, tout moun ap lonje dwèt sou ou.
You are responsible for the blood drained out by you, and you are unclean through the images which you have made; and you have made your day come near, and the time of your judging has come; for this cause I have made you a name of shame to the nations and a cause of laughing to all countries.
ἐν τοῖς αἵμασιν αὐτῶν οἷς ἐξέχεας παραπέπτωκας καὶ ἐν τοῖς ἐνθυμήμασιν σου οἷς ἐποίησας ἐμαῖνον καὶ ἤγγισας τὰς ἡμέρας σου καὶ ἤγαγες καιρὸν ἑτῶν σου διὰ τοῦτο δέδοκά σε εἰς ὄνειδος τοῖς ἔθνεσιν καὶ εἰς ἐμπαιγμὸν πάσαις ταῖς χώραις
- 5 Nan peyi pre ak nan peyi lwen, y'ap pase ou nan rizib. Ou se yon lavil ki gen move non, yon lavil plen dezòd.
Those who are near and those who are far from you will make sport of you; your name is unclean, you are full of sounds of fear.
ταῖς ἐγγιζούσαις πρὸς σέ καὶ ταῖς μακρὰν ἀπεχούσαις ἀπὸ σοῦ καὶ ἐμπαιζονται ἐν σοὶ ἀκάθαρτος ἡ ὄνομαστή καὶ πολλὴ ἐν ταῖς ἀνομίαις
- 6 Tout chèf peyi Izrayèl yo gen konfyans nan pwòp fòs yo. Yon sèl bagay yo konnen, se touye moun.
See, the rulers of Israel, every one in his family, have been causing death in you.
ἰδοὺ οἱ ἀφηγούμενοι οἴκου ἰσραὴλ ἕκαστος πρὸς τοὺς συγγενεῖς αὐτοῦ συνανεφύροντο ἐν σοὶ ὅπως ἐκχέωσιν αἷμα

- 7 Nan lavil la, pesonn pa respekte papa ak manman yo ankò. Y'ap pwofite sou moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan yo. Y'ap maltrete fanm ki pèdi mari yo ak timoun ki san papa.
In you they have had no respect for father and mother; in you they have been cruel to the man from a strange land; in you they have done wrong to the child without a father and to the widow.
πατέρα και μητέρα εκακολόγουν ἐν σοὶ καὶ πρὸς τὸν προσήλυτον ἀνεστρέφοντο ἐν ἀδικίας ἐν σοὶ ὄρφανὸν καὶ χήραν κατεδυνάστευον ἐν σοὶ
- 8 Nou pa respekte kay yo mete apa pou mwen yo, ni jou repo m' yo.
You have made little of my holy things, and have made my Sabbaths unclean.
καὶ τὰ ἅγια μου ἐξουδέουν καὶ τὰ σάββατά μου ἐβεβήλουν ἐν σοὶ
- 9 Plen moun nan mitan ou k'ap mache denonse moun, k'ap bay manti sou moun pou fè touye yo. Gen lòt k'ap manje nan manje yo ofri bay zidòl yo. Gen lòt menm, se pran plezi yo nèt ale nan tout kalite dezòd.
In you there are men who say evil of others, causing death; in you they have taken the flesh with the blood for food; in your streets they have put evil designs into effect.
ἄνδρες ληστὰὶ ἐν σοὶ ὅπως ἐκχέωσιν ἐν σοὶ αἷμα καὶ ἐπὶ τῶν ὁρέων ἤσθοσαν ἐν σοὶ ἀνόσια ἐποίουν ἐν μέσῳ σου
- 10 Genyen k'ap kouche ak madanm papa yo. Genyen k'ap fòse madanm yo kouche ak yo atout yo gen règ yo.
In you they have let the shame of their fathers be seen; in you they have done wrong to a woman at the time when she was unclean.
αἰσχύνην πατρὸς ἀπεκάλυψαν ἐν σοὶ καὶ ἐν ἀκαθαρταῖς ἀποκαθημένην ἐταπείνουν ἐν σοὶ
- 11 Genyen k'ap fè adiltè ak madanm moun Izrayèl parèy yo, k'ap kouche ak bèlfi yo san yo pa wont. Genyen k'ap fè kadejak sou pitit fi papa yo ki pa menm manman ak yo.
And in you one man has done what was disgusting with his neighbour's wife; and another has made his daughter-in-law unclean; and another has done wrong to his sister, his father's daughter.
ἐκαστος τὴν γυναῖκα τοῦ πλησίον αὐτοῦ ἠνομούσαν καὶ ἐκαστος τὴν νόμφην αὐτοῦ ἐμίαιναν ἐν ἀσεβείᾳ καὶ ἐκαστος τὴν ἀδελφὴν αὐτοῦ θυγατέρα τοῦ πατρὸς αὐτοῦ ἐταπείνουν ἐν σοὶ
- 12 Genyen k'ap touye moun pou lajan. Gen lòt ankò k'ap bay frè parèy yo ponya, y'ap mande yo enterè pou lajan yo prete yo. Y'ap pran tou sa frè parèy yo genyen pa fòs. Men mwen menm, yo bliye m'. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
In you they have taken rewards as the price of blood; you have taken interest and great profits, and you have taken away your neighbours' goods by force, and have not kept me in mind, says the Lord.
δῶρα ἐλαμβάνοσαν ἐν σοὶ ὅπως ἐκχέωσιν αἷμα τόκον καὶ πλεονασμὸν ἐλαμβάνοσαν ἐν σοὶ καὶ συνετελέσω συντέλειαν κακίας σου τὴν ἐν καταδυναστείᾳ ἐμοῦ δὲ ἐπελάθου λέγει κύριος
- 13 Mwen pral frape pye m' atè, paske nou vòlò twòp, nou touye moun twòp.
See, then, I have made my hands come together in wrath against your taking of goods by force and against the blood which has been flowing in you.
ἐὰν δὲ πατάξω χεῖρά μου πρὸς χεῖρά μου ἐφ' οἷς συντετέλεσαι οἷς ἐποίησας καὶ ἐπὶ τοῖς αἱμασίν σου τοῖς γεγενημένοις ἐν μέσῳ σου
- 14 Jou m'ap regle avè ou la, ou p'ap gen kouraj pou ou sipòte, ou p'ap menm ka leve bra ou! Se mwen menm Seyè a ki di sa. Sa mwen di m'ap fè a, m'ap fè l'.
Will your heart be high or your hands strong in the days when I take you in hand? I the Lord have said it and will do it.
εἰ ὑποστήσεται ἡ καρδία σου εἰ κρατήσουσιν αἱ χεῖρές σου ἐν ταῖς ἡμέραις αἷς ἐγὼ ποιῶ ἐν σοὶ ἐγὼ κύριος λελάληκα καὶ ποιήσω
- 15 M'ap gaye tout pèp ou a nan mitan lòt nasyon yo. M'ap mache simaye nou nan peyi etranje yo. M'ap fè nou sispann fè malpwòpte nou t'ap fè nan mitan nou an.
And I will send you in flight among the nations and wandering among the countries; and I will completely take away out of you everything which is unclean.
καὶ διασκορπιῶ σε ἐν τοῖς ἔθνεσιν καὶ διασπερῶ σε ἐν ταῖς χώραις καὶ ἐκλείψει ἡ ἀκαθαρσία σου ἐκ σοῦ
- 16 Akòz tou sa ou fè ki derespektan yo, lòt nasyon yo pral trennen ou nan labour. Men ou menm, w'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And you will be made low before the eyes of the nations; and it will be clear to you that I am the Lord.
καὶ κατακληρονομήσω ἐν σοὶ κατ' ὀφθαλμοῦς τῶν ἐθνῶν καὶ γνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος
- 17 ¶ Seyè a pale ave m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 18 -Nonm o! Pou mwen moun pèp Izrayèl yo pa vo anyen. Yo tankou kras ki rete nan fon chodyè lè y'ap fonn ajan, kwiv, asye, fè ak plon. Yo tankou kras nan fon chodyè, yo pa vo anyen.
Son of man, the children of Israel have become like the poorest sort of waste metal to me: they are all silver and brass and tin and iron and lead mixed with waste.
οὐκ ἄνθρωπου ἰδοὺ γεγόνασι μοι ὁ οἶκος ἰσραὴλ ἀναμειγμένοι πάντες χαλκῷ καὶ σιδήρῳ καὶ κασσιτέρῳ καὶ μολίβῳ ἐν μέσῳ ἀργυρίου ἀναμειγμένοι ἐστίν
- 19 Se poutèt sa, men mesaj Seyè sèl Mèt la voye di yo: Koulye a nou tounen kras nan fon chodyè fèblantye, mwen pral mete nou tout fè pil nan mitan lavil Jerizalèm.
For this cause the Lord has said: Because you have all become waste metal, see, I will get you together inside Jerusalem.
διὰ τοῦτο εἰπὸν τὰδε λέγει κύριος ἄνθ' ὧν ἐγένεσθε πάντες εἰς σύγκρασιν μίαν διὰ τοῦτο ἐγὼ εἰσδέχομαι ὑμᾶς εἰς μέσον ἱερουσαλημ

- 20 Menm jan yo mete vye moso ajan, kwiv, fè, plon ak eten nan yon chodyè sou gwo dife pou fonn yo wete kras, m'ap move sou nou, m'ap fè kòlè, m'ap tankou dife y'ap soufle anba chodyè fèblantye pou fonn metal yo, m'ap fè nou fonn.
As they put silver and brass and iron and lead and tin together inside the oven, heating up the fire on it to make it soft; so will I get you together in my wrath and in my passion, and, heating the fire with my breath, will make you soft.
καθώς εισδέχεται ἄργυρος καὶ χαλκὸς καὶ σίδηρος καὶ κασσίτερος καὶ μόλιβος εἰς μέσον καμίνου τοῦ ἐκφυσῆσαι εἰς αὐτὸ πῦρ τοῦ χωνευθῆναι οὕτως εισδέξομαι ὑμᾶς ἐν ὀργῇ μου καὶ συνάξω καὶ χων εὔσω ὑμᾶς
- 21 Wi, m'ap mete nou ansanm nan mitan lavil Jerizalèm, m'ap limen dife anba nou, m'ap fache sou nou, m'ap fonn nou.
Yes, I will take you, breathing on you the fire of my wrath, and you will become soft in it.
καὶ ἐκφυσήσω ἐφ' ὑμᾶς ἐν πυρὶ ὀργῆς μου καὶ χωνευθήσεσθε ἐν μέσῳ αὐτῆς
- 22 Nou pral fonn nan mitan lavil Jerizalèm tankou ajan k'ap fonn nan chodyè fèblantye. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm, Seyè a, ki move sou nou konsa.
As silver becomes soft in the oven, so you will become soft in it; and you will be certain that I the Lord have let loose my passion on you.
ὄν τρόπον χωνεύεται ἄργύριον ἐν μέσῳ καμίνου οὕτως χωνευθήσεσθε ἐν μέσῳ αὐτῆς καὶ ἐπιγνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος ἐξέχεα τὸν θυμόν μου ἐφ' ὑμᾶς
- 23 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 24 -Nonm o! W'a di moun pèp Izrayèl yo yo rete nan yon peyi ki gen madichon. Wi, lè m'a move sou yo, yo p'ap jwenn yon degout lapli.
Son of man, say to her, You are a land on which no rain or thunderstorm has come in the day of wrath.
οὐδὲ ἀνθρώπου εἰπὸν αὐτῇ σὺ εἶ γῆ ἢ οὐ βρεχομένη οὐδὲ ὑετὸς ἐγένετο ἐπὶ σὲ ἐν ἡμέρᾳ ὀργῆς
- 25 Chèf ki rete nan peyi a tankou lyon k'ap gwonde bò yon bèt yo fin touye. Yo devore moun, yo pran tout richès ak tout byen yo jwenn. Se pa de fanm yo kite san mari.
Her rulers in her are like a loud-voiced lion violently taking his food; they have made a meal of souls; they have taken wealth and valued property; they have made great the number of widows in her.
ἦς οἱ ἀφηγούμενοι ἐν μέσῳ αὐτῆς ὡς λέοντες ὠρυόμενοι ἀρπάζοντες ἀρπάγματα ψυχᾶς κατεσθίοντες ἐν δυναστείᾳ τιμὰς λαμβάνοντες ἐν ἀδικίᾳ καὶ αἱ χηραὶ σου ἐπληθύνθησαν ἐν μέσῳ σου
- 26 Prèt yo menm pa kenbe lwa mwen an, yo pa gen respè pou kay ki apa pou mwen an. Yo pa fè diferans ant bagay ki apa pou mwen ak bagay ki pa apa pou mwen. Yo pa moutre moun sa ki bon ak sa ki pa bon pou sèvis mwen. Yo pa konn sa ki rele jou repo mwen yo. Se konsa pèp Izrayèl la pa respekte m' menm.
Her priests have been acting violently against my law; they have made my holy things unclean: they have made no division between what is holy and what is common, and they have not made it clear that the unclean is different from the clean, and their eyes have been shut to my Sabbaths, and I am not honoured among them.
καὶ οἱ ἱερεῖς αὐτῆς ἠθέτησαν νόμον μου καὶ ἐβεβήλουν τὰ ἅγια μου ἀνὰ μέσον ἁγίου καὶ βεβήλου οὐ διέστελλον καὶ ἀνὰ μέσον ἀκαθάρτου καὶ τοῦ καθαροῦ οὐ διέστελλον καὶ ἀπὸ τῶν σαββάτων μου παρεκάλυπτον τοὺς ὀφθαλμοὺς αὐτῶν καὶ ἐβεβηλούμην ἐν μέσῳ αὐτῶν
- 27 Zotobre yo menm nan lavil la, yo tankou chen mawon k'ap dechèpiye bèt yo touye. Y'ap touye moun pou yo vòlò byen yo.
Her rulers in her are like wolves violently taking their food; putting men to death and causing the destruction of souls, so that they may get their profit.
οἱ ἄρχοντες αὐτῆς ἐν μέσῳ αὐτῆς ὡς λύκοι ἀρπάζοντες ἀρπάγματα τοῦ ἐκχέαι αἷμα ὅπως πλεονεξία πλεονεκτῶσιν
- 28 Pwofèt yo kache peche pou chèf yo tankou moun k'ap kouvri yon vye miray ak krepisay. Y'ap fè vizyon ki pa vre. Y'ap bay manti sou sa ki pou rive. Yo pretann se mesaj mwen menm, Seyè a, mwen ba yo, men, mwen pa janm pale ak yo.
And her prophets have been using whitewash, seeing foolish visions and making false use of secret arts, saying, This is what the Lord has said, when the Lord has said nothing.
καὶ οἱ προφῆται αὐτῆς ἀλειφόντες αὐτοὺς πεσοῦνται ὀρώντες μάταια μαντευόμενοι ψευδῆ λέγοντες τάδε λέγει κύριος καὶ κύριος οὐ λελάληκεν
- 29 Nan tout peyi a moun yo lage kò yo nan fè mehanste, nan vòlò zafè moun. Y'ap toupizi pòn malere yo ak moun ki nan malsite yo, y'ap pwofite sou moun lòt nasyon yo san rezon.
The people of the land have been acting cruelly, taking men's goods by force; they have been hard on the poor and those in need, and have done wrong to the man from a strange land.
λαὸν τῆς γῆς ἐκπιεζούσιντες ἀδικία καὶ διαρπάζοντες ἀρπάγματα πτωχὸν καὶ πένητα καταδυναστεύοντες καὶ πρὸς τὸν προσήλυτον οὐκ ἀναστρεφόμενοι μετὰ κρίματος
- 30 Mwen chache nan mitan yo yon moun ki ta ka bati yon miray, ki ta ka kanpe kote miray yo ap kraze a, pou pran defans peyi a lè m'a fè kòlè pou m' detwi l', men mwen pa jwenn pesonn.
And I was looking for a man among them who would make up the wall and take his station in the broken place before me for the land, so that I might not send destruction on it: but there was no one.
καὶ ἐζήτησεν ἐξ αὐτῶν ἄνδρα ἀναστρεφόμενον ὀρθῶς καὶ ἐστῶτα πρὸ προσώπου μου ὀλοσχερῶς ἐν καιρῷ τῆς γῆς τοῦ μὴ εἰς τέλος ἐξαλεῖψαι αὐτήν καὶ οὐχ εὔρον
- 31 Se konsa, mwen pral move sou yo. Tankou yon dife, mwen pral disparèt yo. Mwen pral fè yo peye pou sa yo fè. Se mwen menm Seyè sèl Mèt la ki pale.
And I let loose my passion on them, and have put an end to them in the fire of my wrath: I have made the punishment of their ways come on their heads, says the Lord.
καὶ ἐξέχεα ἐπ' αὐτὴν θυμόν μου ἐν πυρὶ ὀργῆς μου τοῦ συντελέσαι τὰς ὁδοὺς αὐτῶν εἰς κεφαλὰς αὐτῶν δέδωκα λέγει κύριος κύριος

- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
The word of the Lord came to me again, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Vwala te gen de fi, pitit menm manman.
Son of man, there were two women, daughters of one mother:
οὐδὲ ἀνθρώπου δύο γυναῖκες ἦσαν θυγατέρες μητρὸς μιᾶς
- 3 Depi lè yo te jenn ti nègès y' al fè jennès nan peyi Lejip. Se la yo lage kò yo nan lavi gason. Se la yo kite gason woule tete yo pou premye fwa.
They were acting like loose women in Egypt; when they were young their behaviour was loose: there their breasts were crushed, even the points of their young breasts were crushed.
καὶ ἐξεπόρνευσαν ἐν αἰγύπτῳ ἐν τῇ νεότητι αὐτῶν ἐκεῖ ἔπεσον οἱ μαστοὶ αὐτῶν ἐκεῖ διεπαρθελεύθησαν
- 4 Pi gran an te rele Ola, pi piti a Oliba. Ola se peyi Samari, Oliba se peyi Jerizalèm. Mwen marye ak tou de, yo fè pitit gason ak pitit fi pou mwen.
Their names were Oholah, the older, and Oholibah, her sister: and they became mine, and gave birth to sons and daughters. As for their names, Samaria is Oholah, and Jerusalem, Oholibah.
καὶ τὰ ὀνόματα αὐτῶν ἦν οολα ἡ πρεσβυτέρα καὶ οολιβα ἡ ἀδελφὴ αὐτῆς καὶ ἐγένοντό μοι καὶ ἔτεκεν υἱοὺς καὶ θυγατέρας καὶ τὰ ὀνόματα αὐτῶν σαμάρεια ἡ οολα καὶ ιερουσαλημ ἡ οολιβα
- 5 Men, atout Ola te madanm mwen, li lage kò l' nan dezòd. Li t'ap mouri pou moun peyi Lasiri, vwazen l' yo. Li fè zafè ak yo.
And Oholah was untrue to me when she was mine; she was full of desire for her lovers, even for the Assyrians, her neighbours,
καὶ ἐξεπόρνευσεν ἡ οολα ἀπ' ἐμοῦ καὶ ἐπέθετο ἐπὶ τοὺς ἑραστὰς αὐτῆς ἐπὶ τοὺς ἀσσυρίους τοὺς ἐγγίζοντας αὐτῇ
- 6 Mesye sa yo te sòlda avèk bèl inifòm violèt, gwo zotobre, ak grannèg. Yo tout te bèl jenn gason, bon kavalye moute sou chwal yo.
Who were clothed in blue, captains and rulers, all of them young men to be desired, horsemen seated on horses.
ἐνδεδικότας ὑακίνθινα ἡγουμένους καὶ στρατηγούς νεανίσκοι ἐπίλεκτοι πάντες ἰππεῖς ἰππαζόμενοι ἐφ' ἵππων
- 7 Li te kouche ak tout gwo chèf peyi Lasiri yo. Sitèlman li te cho dèyè mesye sa yo, li avili tèt li, li tonbe fè sèvis pou vye zidòl moun peyi Lasiri yo.
And she gave her unclean love to them, all of them the noblest men of Assyria: and she made herself unclean with the images of all who were desired by her.
καὶ ἔδωκεν τὴν πορνείαν αὐτῆς ἐπ' αὐτούς ἐπίλεκτοι υἱοὶ ἀσσυρίων πάντες καὶ ἐπὶ πάντας οὓς ἐπέθετο ἐν πᾶσι τοῖς ἐνθυμήμασιν αὐτῆς ἐμυαίνετο
- 8 Li pa t' sispann fè metye jennès li te aprann nan peyi Lejip la. Depi lè li te jenn ti nègès, gason ap kouche l', y'ap woule tete l', y'ap sèvi avè l' tankou yon jennès.
And she has not given up her loose ways from the time when she was in Egypt; for when she was young they were her lovers, and by them her young breasts were crushed, and they let loose on her their unclean desire.
καὶ τὴν πορνείαν αὐτῆς ἐξ αἰγύπτου οὐκ ἐγκατέλιπεν ὅτι μετ' αὐτῆς ἐκοιμῶντο ἐν νεότητι αὐτῆς καὶ αὐτοὶ διεπαρθένευσαν αὐτὴν καὶ ἐξέχεαν τὴν πορνείαν αὐτῶν ἐπ' αὐτήν
- 9 Se poutèt sa mwen lage l' nan men nonm li yo, moun peyi Lasiri yo. Se dèyè yo li te cho konsa!
For this cause I gave her up into the hands of her lovers, into the hands of the Assyrians on whom her desire was fixed.
διὰ τοῦτο παρέδωκα αὐτὴν εἰς χεῖρας τῶν ἑραστῶν αὐτῆς εἰς χεῖρας υἱῶν ἀσσυρίων ἐφ' οὓς ἐπετίθετο
- 10 Yo mete l' toutouni, yo pran pitit gason ak pitit fi li yo. Lèfini, yo touye l' anba kout nepe. Se te yon egzanp pou tout fanm. Yo te fè l' peye pou sa l' te fè a dapre lalwa.
By these her shame was uncovered: they took her sons and daughters and put her to death with the sword: and she became a cause of wonder to women; for they gave her the punishment which was right.
αὐτοὶ ἀπεκάλυψαν τὴν αἰσχύνην αὐτῆς υἱοὺς καὶ θυγατέρας αὐτῆς ἔλαβον καὶ αὐτὴν ἐν ῥομφαίᾳ ἀπέκτειναν καὶ ἐγένετο λάλημα εἰς γυναῖκας καὶ ἐποίησαν ἐκδικήσεις ἐν αὐτῇ εἰς τὰς θυγατέρας
- 11 ¶ Atout Oliba, sè l' la, te wè sa, li lage kò l' nan pi gwo dezòd toujou. Li tounen yon pi gwo jennès pase Ola.
And her sister Oholibah saw this, but her desire was even more unmeasured, and her loose behaviour was worse than that of her sister.
καὶ εἶδεν ἡ ἀδελφὴ αὐτῆς οολιβα καὶ διέφθειρε τὴν ἐπίθεσιν αὐτῆς ὑπὲρ αὐτὴν καὶ τὴν πορνείαν αὐτῆς ὑπὲρ τὴν πορνείαν τῆς ἀδελφῆς αὐτῆς
- 12 Li menm tou li te cho dèyè mesye peyi Lasiri yo, grannèg, gwo zotobre, sòlda ak bèl inifòm, bon kavalye ki moute sou chwal, yon bann bèl jenn gason.
She was full of desire for the Assyrians, captains and rulers, her neighbours, clothed in blue, horsemen going on horses, all of them young men to be desired.
ἐπὶ τοὺς υἱοὺς τῶν ἀσσυρίων ἐπέθετο ἡγουμένους καὶ στρατηγούς τοὺς ἐγγύς αὐτῆς ἐνδεδικότας εὐπάρουφα ἰππεῖς ἰππαζομένους ἐφ' ἵππων νεανίσκοι ἐπίλεκτοι πάντες
- 13 Mwen wè li te fin avili tèt li nèt: dezyèm sè a pa t' pi bon pase premye a.
And I saw that she had become unclean; the two of them went the same way.
καὶ εἶδον ὅτι μεμιάνται ὁδὸς μία τῶν δύο

- 14 Men, Oliba al pi lwen toujou nan metye jennès la. Li wè pòtre gason yo te fè sou yon miray ak bèl penti wouj. Se te pòtre chèf peyi Babilòn yo.
 And her loose behaviour became worse; for she saw men pictured on a wall, pictures of the Chaldaeans painted in bright red,
 και προσέθετο πρὸς τὴν πορνείαν αὐτῆς και εἶδεν ἄνδρας ἐξωγραφημένους ἐπὶ τοῦ τοίχου εἰκόνας χαλδαίων ἐξωγραφημένους ἐν γραφίδι
- 15 Avèk bèl sentiwon pase nan ren yo, tèt yo mare ak bèl mouchwa madras, mesye yo te abiye tankou gwo chèf. Se te pòtre moun peyi Babilòn. Se la yo te fèt.
 With bands round their bodies and with head-dresses hanging round their heads, all of them looking like rulers, like the Babylonians, the land of whose birth is Chaldea.
 ἐξωσμένους ποικίματα ἐπὶ τὰς ὀσφύας αὐτῶν και τιάραι βαπτὰ ἐπὶ τῶν κεφαλῶν αὐτῶν ὄψις τρισσῆ πάντων ὁμοίωμα υἱῶν χαλδαίων γῆς πατρίδος αὐτῶν
- 16 Wè li wè pòtre mesye yo, li anvè yo. Li voye mesaje bò kote yo nan peyi Babilòn.
 And when she saw them she was full of desire for them, and sent servants to them in Chaldea.
 και ἐπέθετο ἐπ' αὐτοὺς τῇ ὀράσει ὀφθαλμῶν αὐτῆς και ἐξἀπέστειλεν ἀγγέλους πρὸς αὐτοὺς εἰς γῆν χαλδαίων
- 17 Mesye yo vini, yo fè lamou, yo kouche avè l'. Yo pran kont plezi yo avè l', yo fin avili li nè. Bout pou bout, li vin rayi yo.
 And the Babylonians came to her, into the bed of love, and made her unclean with their loose desire, and she became unclean with them, and her soul was turned from them.
 και ἤλθοσαν πρὸς αὐτὴν υἱοὶ βαβυλῶνος εἰς κοίτην καταλόντων και ἐμίαινον αὐτὴν ἐν τῇ πορνείᾳ αὐτῆς και ἐμίανθη ἐν αὐτοῖς και ἀπέστη ἡ ψυχὴ αὐτῆς ἀπ' αὐτῶν
- 18 Se li menm ankò ki mete tout zafè l' deyò. Li fè tout moun konnen se jennès li ye. Li mete l' toutouni, li fè m' degoute l' tankou lòt sè a.
 So her loose behaviour was clearly seen and her shame uncovered: then my soul was turned from her as it had been turned from her sister.
 και ἀπεκάλυψε τὴν πορνείαν αὐτῆς και ἀπεκάλυψε τὴν αἰσχύνην αὐτῆς και ἀπέστη ἡ ψυχὴ μου ἀπ' αὐτῆς ὄν τρόπον ἀπέστη ἡ ψυχὴ μου ἀπὸ τῆς ἀδελφῆς αὐτῆς
- 19 Se atò li lage kò l' nan fè jennès. Li vin chonje lè l' te jenn ti nègès ap fè jennès nan peyi Lejip.
 But still she went on the more with her loose behaviour, keeping in mind the early days when she had been a loose woman in the land of Egypt.
 και ἐπλήθυνε τὴν πορνείαν σου τοῦ ἀναμνησαί ἡμέρας νεότητός σου ἐν αἷς ἐπόρνευσας ἐν αἰγύπτῳ
- 20 Li t'ap kouri deyè gason ki cho tankou ou ta di mal bourik ak poulen chwal ki pran sant fennèl.
 And she was full of desire for her lovers, whose flesh is like the flesh of asses and whose seed is like the seed of horses.
 και ἐπέθου ἐπὶ τοὺς χαλδαίους ὧν ἦσαν ὡς ὄνων αἰ σάρκες αὐτῶν και αἰδοῖα ἵππων τὰ αἰδοῖα αὐτῶν
- 21 Oliba, ou te deyè pou ou te fè tout dezòd ou te konn fè yo lè ou te jenn ti nègès nan peyi Lejip kote pou premye fwa mesye yo te woule tete ou, kote yo te mete ou nan lavi gason.
 And she made the memory of the loose ways of her early years come back to mind, when her young breasts were crushed by the Egyptians.
 και ἐπεσκέψω τὴν ἀνομίαν νεότητός σου ἃ ἐποίεις ἐν αἰγύπτῳ ἐν τῷ καταλύματι σου οὗ οἱ μαστοὶ νεότητός σου
- 22 ¶ Se poutèt sa, Oliba, men mesaj mwen menm Seyè a voye ba ou: Ou te vin rayi nonm ou yo! Enben, mwen pral moute tèt yo sou ou, mwen pral fè yo soti toupatou pou yo vin sènen ou.
 For this cause, O Oholibah, this is what the Lord has said: See, I will make your lovers come up against you, even those from whom your soul is turned away in disgust; and I will make them come up against you on every side;
 διὰ τοῦτο οὐλιβα τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐξεγείρω τοὺς ἐραστάς σου ἐπὶ σέ ἀφ' ὧν ἀπέστη ἡ ψυχὴ σου ἀπ' αὐτῶν και ἐπάξω αὐτοὺς ἐπὶ σέ κυκλόθεν
- 23 Tout moun Babilòn yo ak moun peyi Kalde yo, moun lavil Pekòd, moun lavil Choa, moun lavil Koa, ansanm ak tout moun peyi Lasiri yo, mwen pral sanble tout bèl jenn gason yo, grannèg, gwo zotobre, tout chèf, tou sa ki gen gwo grad, bon kavalye ki moute sou chwal yo. Mwen pral sanble yo tout.
 The Babylonians and all the Chaldaeans, Pekod and Shoa and Koa, and all the Assyrians with them: young men to be desired, captains and rulers all of them, and chiefs, her neighbours, all of them on horseback.
 υἱοὺς βαβυλῶνος και πάντας τοὺς χαλδαίους φακοὺδ και σουε και κουε και πάντας υἱοὺς ἀσσυρίων μετ' αὐτῶν νεανίσκους ἐπιλέκτους ἡγεμόνας και στρατηγούς πάντας τρισσοὺς και ὀνομαστοὺς ἵππε ὄντας ἐφ' ἵππων
- 24 Y'ap soti nan nò, y'ap mache sou ou avèk yon gwo lame, anpil cha lagè ak anpil kabwa pwovizyon. Avèk gwo plak fè pou pwoteje yo, kas yo nan tèt yo, yo pral sènen ou toupatou. M' pral lage ou nan men yo pou yo jije ou dapre lwa pa yo.
 And they will come against you from the north on horseback, with war-carriages and a great band of peoples; they will put themselves in order against you with breastplate and body-cover and metal head-dress round about you: and I will make them your judges, and they will give their decision against you as seems right to them.
 και πάντες ἤξουσιν ἐπὶ σέ ἀπὸ βορρᾶ ἄρματα και τροχοὶ μετ' ὄχλου λαῶν θυρεοὶ και πέλται και βαλοῦσιν φυλακὴν ἐπὶ σέ κύκλω και δώσω πρὸ προσώπου αὐτῶν κρίμα και ἐκδικήσουσιν σε ἐν τοῖς κ ῥίμασιν αὐτῶν

- 25 **Ou te pouse m' fè jalouzi, yo pral move sou ou jouk yo p'ap kapab ankò. Yo pral koupe bwa nen ou ak fèy zòrèy ou yo. Yo pral touye pitit ou yo. Wi, yo pral pran pitit gason ak pitit fi ou yo nan men ou, y'ap boule yo tou vivan.**
And my bitter feeling will be working against you, and they will take you in hand with passion; they will take away your nose and your ears, and the rest of you will be put to the sword: they will take your sons and daughters, and the rest of you will be burned up in the fire.
καὶ δώσω τὸν ζῆλόν μου ἐν σοὶ καὶ ποιήσουσιν μετὰ σοῦ ἐν ὀργῇ θυμοῦ μωκτῆρὰ σου καὶ ὧτά σου ἀφελοῦσιν καὶ τοὺς καταλοιπούς σου ἐν ῥομφαίᾳ καταβαλοῦσιν αὐτοὶ υἱούς σου καὶ θυγατέρας σου λήμψονται καὶ τοὺς καταλοιπούς σου πῦρ καταφάγεται
- 26 **Y'ap wete tout rad sou ou, y'ap pran tout bijou ou te konn mete sou ou.**
And they will take all your clothing off you and take away your ornaments.
καὶ ἐκδύσουσιν σε τὸν ἱματισμόν σου καὶ λήμψονται τὰ σκεύη τῆς καυχῆσεώς σου
- 27 **M'ap mete yon fren nan dezòd ak metye jennès ou t'ap fè depi nan peyi Lejip la. Ou p'ap wè yo ankò devan je ou. Ou p'ap chonje peyi Lejip ankò.**
So I will put an end to your evil ways and your loose behaviour which came from the land of Egypt: and your eyes will never be lifted up to them again, and you will have no more memory of Egypt.
καὶ ἀποστρέψω τὰς ἀσεβείας σου ἐκ σοῦ καὶ τὴν πορνείαν σου ἐκ γῆς αἰγύπτου καὶ οὐ μὴ ἄρῃς τοὺς ὀφθαλμούς σου ἐπ' αὐτούς καὶ αἰγύπτου οὐ μὴ μνησθῆς οὐκέτι
- 28 **Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Mwen pral lage ou nan men moun ou pa vle wè yo, moun ki te ba ou degoutans yo.**
For this is what the Lord has said: See, I will give you up into the hands of those who are hated by you, into the hands of those from whom your soul is turned away in disgust:
διότι τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ παραδίδομί σε εἰς χεῖρας ὧν μισεῖς ἀφ' ὧν ἀπέστη ἡ ψυχὴ σου ἀπ' αὐτῶν
- 29 **Yo pral maltrete ou tankou moun yo rayi. Yo pral pran tou sa ou te travay fè, y'ap kite ou toutouni, san rad sou ou tankou yon jennès. Se move lanvi ou yo ak lenkondite ou yo**
And they will take you in hand with hate, and take away all the fruit of your work, and let you be unveiled and without clothing: and the shame of your loose behaviour will be uncovered, your evil designs and your loose ways.
καὶ ποιήσουσιν ἐν σοὶ ἐν μίσει καὶ λήμψονται πάντας τοὺς πόνους σου καὶ τοὺς μόχθους σου καὶ ἔση γυμνὴ καὶ ἀσημονοῦσα καὶ ἀποκαλυφθήσεται αἰσχύνη πορνείας σου καὶ ἀσεβεία σου καὶ ἡ πορνεία σου
- 30 **ki pral lakòz tout malè sa yo tonbe sou ou. Ou te tounen yon jennès pou mesye lòt nasyon yo, ou avili tèt ou, ou tonbe fè sèvis pou vye zidòl yo.**
They will do these things to you because you have been untrue to me, and have gone after the nations, and have become unclean with their images.
ἐποίησεν ταῦτά σοι ἐν τῷ ἐκπορνεῦσαί σε ὀπίσω ἔθνῶν καὶ ἐμαίινου ἐν τοῖς ἐνθυμήμασιν αὐτῶν
- 31 **Ou mache pye pou pye dèyè sè ou la. Se poutèt sa m'ap pini ou menm jan mwen te pini l' la.**
You have gone in the way of your sister; and I will give her cup into your hand.
ἐν τῇ ὁδῷ τῆς ἀδελφῆς σου ἐπορεύθης καὶ δώσω τὸ ποτήριον αὐτῆς εἰς χεῖράς σου
- 32 **Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Ou pral bwè nan gode sè ou la, yon gode byen fon. Tout moun pral pase ou nan betiz, nan rizib. Gode a plen ra bò.**
This is what the Lord has said: You will take a drink from your sister's cup, which is deep and wide: you will be laughed at and looked down on, more than you are able to undergo.
τάδε λέγει κύριος τὸ ποτήριον τῆς ἀδελφῆς σου πίεσαι τὸ βαθὺ καὶ τὸ πλατὺ τὸ πλεονάζον τοῦ συντελέσαι
- 33 **Li pral fè ou sou. W'ap an mal makak. Se yon gode k'ap fè moun pè, yon gode k'ap fini avè ou, gode Samari, sè ou la.**
You will be broken and full of sorrow, with the cup of wonder and destruction, with the cup of your sister Samaria.
μέθην καὶ ἐκλύσεως πλησθήσῃ καὶ τὸ ποτήριον ἀφανισμοῦ ποτήριον ἀδελφῆς σου σαμαρείας
- 34 **W'ap bwè tout, w'ap kite l' vid. Lèfini, w'ap kraze l' anba dan ou! Moso yo pral filange tete ou. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.**
And after drinking it and draining it out, you will take the last drops of it to the end, pulling off your breasts: for I have said it, says the Lord.
καὶ πίεσαι αὐτὸ καὶ τὰς ἑορτὰς καὶ τὰς νεομηνίας αὐτῆς ἀποστρέψω διότι ἐγὼ λελάληκα λέγει κύριος
- 35 **Se poutèt sa, men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Paske ou te bliye m', ou te vire do ou ban mwen, ou pral soufri pou tout lenkondite ak dezòd ou te fè yo.**
So this is what the Lord has said: Because you have not kept me in your memory, and because your back has been turned to me, you will even undergo the punishment of your evil designs and your loose ways.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἀνθ' ὧν ἐπελάθου μου καὶ ἀπέρριψάς με ὀπίσω τοῦ σώματός σου καὶ σὺ λαβὲ τὴν ἀσεβειάν σου καὶ τὴν πορνείαν σου
- 36 **¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa: -Nonm o! Eske ou pare pou jije Ola ansanm ak Oliba? Ou pral mete devan yo tout vye bagay derespektan yo t'ap fè yo.**
Then the Lord said to me: Son of man, will you be the judge of Oholibah? then make clear to her the disgusting things she has done.
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με υἱὲ ἀνθρώπου οὐ κρινεῖς τὴν σοῦλαν καὶ τὴν σοῦλιβαν καὶ ἀπαγγελεῖς αὐταῖς τὰς ἀνομίας αὐτῶν

- 37 Yo fè adiltè, yo touye moun, yo fè adiltè ak zidòl, yo touye pitit yo te fè pou mwen. Yo ofri yo pou yo boule yo bay zidòl.
For she has been false to me, and blood is on her hands, and with her images she has been untrue; and more than this, she made her sons, whom she had by me, go through the fire to them to be burned up.
ὅτι ἐμοιχῶντο καὶ αἷμα ἐν χερσίν αὐτῶν τὰ ἐνθυμήματα αὐτῶν ἐμοιχῶντο καὶ τὰ τέκνα αὐτῶν ἃ ἐγέννησάν μοι διήγαγον αὐτοῖς δι' ἐμπύρων
- 38 Se pa sa ase yo fè m'. Menm lè sa a, yo derespekte tanp mwen an. Yo pa respekte regleman jou repo m' yo.
Further, this is what she has done to me: she has made my holy place unclean and has made my Sabbaths unclean.
ἔως καὶ ταῦτα ἐποίησάν μοι τὰ ἅγια μου ἐμίαινον καὶ τὰ σάββατά μου ἐβεβήλουν
- 39 Menm jou yo touye pitit yo pou zidòl yo, yo vin nan tanp mwen an pou yo derespekte l'. Men sa yo fè anndan kò kay mwen an.
For when she had made an offering of her children to her images, she came into my holy place to make it unclean; see, this is what she has done inside my house.
καὶ ἐν τῷ σφάζειν αὐτοὺς τὰ τέκνα αὐτῶν τοῖς εἰδώλοις αὐτῶν καὶ εἰσπορεύοντο εἰς τὰ ἅγια μου τοῦ βεβηλοῦν αὐτά καὶ ὅτι οὕτως ἐποίουν ἐν μέσῳ τοῦ οἴκου μου
- 40 Sa ki pi rèd ankò, yo voye mesaje al envite gason soti byen lwen vin jwenn yo. Mesye yo vini. De sè yo benyen byen pwòp, yo pentire je yo. Yo mete bijou yo sou yo pou resewva.
And she even sent for men to come from far away, to whom a servant was sent, and they came: for whom she was washing her body and painting her eyes and making herself fair with ornaments.
καὶ ὅτι τοῖς ἀνδράσιν τοῖς ἐρχομένοις μακρόθεν οἷς ἀγγέλους ἐξαπεστέλλουσιν πρὸς αὐτούς καὶ ἅμα τῷ ἔρχεσθαι αὐτοὺς εὐθὺς ἐλοῦσιν καὶ ἐστιβίζου τοὺς ὀφθαλμούς σου καὶ ἐκόσμου κόσμῳ
- 41 Yo chita sou bèl gwo kabann, yo pare yon ti tab devan kabann lan. Lèfini, yo pran lansan ak lwil mwen te ba yo, yo mete sou li.
And she took her seat on a great bed, with a table put ready before it on which she put my perfume and my oil.
καὶ ἐκάθου ἐπὶ κλίνης ἐστρωμένης καὶ τράπεζα κεκοσμημένη πρὸ προσώπου αὐτῆς καὶ τὸ θυμίαμά μου καὶ τὸ ἔλαιόν μου εὐφραίνοντο ἐν αὐτοῖς
- 42 Apre sa, moun tande vwa yon pakèt gason manfouben k'ap pran plezi avèk yo. Se te yon bann malandren yo mennen soti nan dezè a. Mesye yo mete bèl braslè nan ponyèt medam yo ak bèl kouwòn sou tèt yo chak.
... and they put jewels on her hands and beautiful crowns on her head.
καὶ φωνὴν ἁρμονίας ἀνεκροῦντο καὶ πρὸς ἄνδρας ἐκ πλήθους ἀνθρώπων ἦκοντας ἐκ τῆς ἐρήμου καὶ ἐδίδουσιν ψέλια ἐπὶ τὰς χεῖρας αὐτῶν καὶ στέφανον καυχήσεως ἐπὶ τὰς κεφαλὰς αὐτῶν
- 43 Mwen di nan kè m': Fanm lan fini afòs li fè adiltè. Atousa l'ap fè jennès toujou.
Then I said ... now she will go on with her loose ways.
καὶ εἶπα οὐκ ἐν τούτοις μοιχεύουσιν καὶ ἔργα πόρνῆς καὶ αὕτη ἐξεπόρνευσεν
- 44 Men, mesye yo tounen anpil fwa lakay li tankou kay yon jennès. Yo tounen lakay Ola ak Oliba, fanm devègonde sa yo.
And they went in to her, as men go to a loose woman: so they went in to Oholibah, the loose woman.
καὶ εἰσπορεύοντο πρὸς αὐτήν ὃν τρόπον εἰσπορεύονται πρὸς γυναῖκα πόρνην οὕτως εἰσπορεύοντο πρὸς οολαν καὶ πρὸς οολιβαν τοῦ ποιῆσαι ἀνομίαν
- 45 Men, gason ki mache dwat yo pral jije yo tankou yo jije fanm k'ap fè adiltè epi k'ap touye moun, paske yo fè adiltè, yo touye moun.
And upright men will be her judges, judging her as false wives and women who take lives are judged; because she has been untrue to me and blood is on her hands.
καὶ ἄνδρες δίκαιοι αὐτοὶ ἐκδικήσουσιν αὐτὰς ἐκδικήσει μοιχαλίδος καὶ ἐκδικήσει αἱματος ὅτι μοιχαλίδες εἰσὶν καὶ αἷμα ἐν χερσίν αὐτῶν
- 46 Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: Sanble yon foul moun pou mache sou yo, pou fè yo pè, pou piye tou sa yo genyen!
For this is what the Lord has said: I will make a great meeting of the people come together against her, and will send on her shaking fear and take everything from her.
τάδε λέγει κύριος κύριος ἀνάγαγε ἐπ' αὐτὰς ὄχλον καὶ δὸς ἐν αὐταῖς ταραχὴν καὶ διαρπαγὴν
- 47 Se pou foul moun yo kalonnen yo wòch jouk yo touye yo. Se pou yo depatcha yo ak nepe, touye pitit gason ak pitit fi yo, lèfini pou yo mete dife nan kay yo.
And the meeting, after stoning her with stones, will put an end to her with their swords; they will put her sons and daughters to death and have her house burned up with fire.
καὶ λιθοβόλησον ἐπ' αὐτὰς λίθοις ὄχλων καὶ κατακένται αὐτὰς ἐν τοῖς ξίφεσιν αὐτῶν υἱοὺς αὐτῶν καὶ θυγατέρας αὐτῶν ἀποκτενοῦσι καὶ τοὺς οἴκους αὐτῶν ἐμπρήσουσιν
- 48 Nan tout peyi a, m'ap fè moun sispann fè libètinaj. Sa va sèvi yon avètisman pou tout medam yo, pou yo pa fè tankou nou.
And I will put an end to evil in all the land, teaching all women not to do as you have done.
καὶ ἀποστρέψω ἀσέβειαν ἐκ τῆς γῆς καὶ παιδευθήσονται πᾶσαι αἱ γυναῖκες καὶ οὐ μὴ ποιήσουσιν κατὰ τὰς ἀσεβείας αὐτῶν
- 49 Pou nou menm, de sè sa yo, mwen pral pini nou pou libètinaj nou. M'ap fè nou peye peche nou fè lè nou t'ap sèvi zidòl yo. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm Seyè a ki sèl Mèt.
And I will send on you the punishment of your evil ways, and you will be rewarded for your sins with your images: and you will be certain that I am the Lord.
καὶ δοθήσεται ἡ ἀσέβεια ὑμῶν ἐφ' ὑμᾶς καὶ τὰς ἁμαρτίας τῶν ἐνθυμημάτων ὑμῶν λήμψεσθε καὶ γνώσεσθε διότι ἐγὼ κύριος

- 1 ¶ Nan dizyèm jou dizyèm mwa nevyèm lanne depi yo te depòte pèp Izrayèl la, Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me in the ninth year, in the tenth month, on the tenth day of the month, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με ἐν τῷ ἔτει τῷ ἐνάτῳ ἐν τῷ μηνὶ τῷ δεκάτῳ δεκάτῃ τοῦ μηνὸς λέγων
- 2 -Nonm o! Ekri dat jòdi a, paske se jòdi a wa peyi Babilòn lan pral sènen lavil Jerizalèm.
Son of man, put down in writing this very day: The king of Babylon let loose the weight of his attack against Jerusalem on this very day.
οὐ ἐνθρώπου γράψον σεαυτῷ εἰς ἡμέραν ἀπὸ τῆς ἡμέρας ταύτης ἀφ' ἧς ἀπηρεύσατο βασιλεὺς βαβυλωνῶνος ἐπὶ ἱερουσαλὴμ ἀπὸ τῆς ἡμέρας τῆς σήμερον
- 3 Ou pral bay yon pawoli sou move ras moun sa yo ki gen tèt di. W'a di yo: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Mete yon chodyè sou dife, plen l' dlo.
And make a comparison for this uncontrolled people, and say to them, This is what the Lord has said: Put on the cooking-pot, put it on the fire and put water in it:
καὶ εἰπὸν ἐπὶ τὸν οἶκον τὸν παραπικραίνοντα παραβολὴν καὶ ἐρεῖς πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ἐπίστησον τὸν λέβητα καὶ ἔκχεον εἰς αὐτὸν ὕδωρ
- 4 Mete vyann ladan l', pi bon moso vyann ou konnen: jigo ak zepòl. Mete bon moso zo ladan l' tou.
And get the bits together, the fat tail, every good part, the leg and the top part of it: make it full of the best bones.
καὶ ἔμβαλε εἰς αὐτὸν τὰ διχοτομήματα πᾶν διχοτόμημα καλὸν σκέλος καὶ ὄμιον ἐκσεσαρκισμένα ἀπὸ τῶν ὀστέων
- 5 W'a pran yo nan mouton ki pi gra yo. Mete bon bwa anba chodyè a. Kite dlo a bouyi byen bouyi jouk vyann lan ak zo yo byen kwit.
Take the best of the flock, put much wood under it: see that its bits are boiling well; let the bones be cooked inside it.
ἐξ ἐπιλέκτων κτηνῶν εἰλημμένων καὶ ὑπόκαιε τὰ ὀστά ὑποκάτω αὐτῶν ἔζεσεν ἔζεσεν καὶ ἤψηται τὰ ὀστά αὐτῆς ἐν μέσῳ αὐτῆς
- 6 Men sa Seyè sèl Mèt la di apre sa: -Madichon pou lavil ki renmen fè san koule a! Li tankou yon chodyè wouye yo pa janm foubi. Wete tout moso vyann yo yonn apre lòt. Pa chwazi pou kite anyen ladan l'.
For this is what the Lord has said: A curse is on the town of blood, the cooking-pot which is unclean inside, which has never been made clean! take out its bits; its fate is still to come on it.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ὁ πόλις αἱμάτων λέβηθ ἐν ᾧ ἔστιν ἰὸς ἐν αὐτῷ καὶ ὁ ἰὸς οὐκ ἐξῆλθεν ἐξ αὐτῆς κατὰ μέρος αὐτῆς ἐξήνεγκεν οὐκ ἔπεσεν ἐπ' αὐτὴν κλῆρος
- 7 Li fè anpil san koule nan mitan li. Men, san an pa koule atè pou pousyè te kouvri l'. San an koule sou wòch.
For her blood is in her; she has put it on the open rock not draining it on to the earth so that it might be covered with dust;
ὅτι αἷμα αὐτῆς ἐν μέσῳ αὐτῆς ἔστιν ἐπὶ λεωπετρίαν τέταχα αὐτὸ οὐκ ἐκκέχυκα αὐτὸ ἐπὶ τὴν γῆν τοῦ καλύψαι ἐπ' αὐτὸ γῆν
- 8 Mwen kite san an la sou wòch yo, kote yo pa ka kouvri l', pou l' ka mande revanj paske sa fè m' fache anpil.
In order that it might make wrath come up to give punishment, she has put her blood on the open rock, so that it may not be covered.
τοῦ ἀναβῆναι θυμὸν εἰς ἐκδίκησιν ἐκδικηθῆναι δέδωκα τὸ αἷμα αὐτῆς ἐπὶ λεωπετρίαν τοῦ μὴ καλύψαι αὐτὸ
- 9 Men sa Seyè sèl Mèt la di: -Madichon pou lavil ki renmen fè san koule a. Se mwen menm ki pral fè yon gwo pil bwa.
For this cause the Lord has said: A curse is on the town of blood! and I will make great the burning mass.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος κἀγὼ μεγαλυνῶ τὸν δαλὸν
- 10 Pote bwa an kantite toujou! Limen dife a! Kwit vyann yo byen kwit! Mete zepis ladan l'! Boule zo yo!
Put on much wood, heating up the fire, boiling the flesh well, and making the soup thick, and let the bones be burned.
καὶ πληθυνῶ τὰ ξύλα καὶ ἀνακαύσω τὸ πῦρ ὅπως τακῆ τὰ κρέα καὶ ἐλαττωθῆ ὁ ζωμὸς
- 11 Mete chodyè fè a tou vid sou chabon dife yo. Kite l' vin tou wouj. Konsa lawouj la va tonbe, l'a dekale. Chodyè a va vin pwòp ankò pou l' ka sèvi.
And I will put her on the coals so that she may be heated and her brass burned, so that what is unclean in her may become soft and her waste be completely taken away.
καὶ στη ἐπὶ τοὺς ἄνθρακας ὅπως προσκαυθῆ καὶ θερμοανθῆ ὁ χαλκὸς αὐτῆς καὶ τακῆ ἐν μέσῳ ἀκαθαρσίας αὐτῆς καὶ ἐκλίθη ὁ ἰὸς αὐτῆς
- 12 Ala traka pou wete lawouj la! Atousa, lawouj la p'ap fin soti nèt nan dife a.
I have made myself tired to no purpose: still all the waste which is in her has not come out, it has an evil smell.
καὶ οὐ μὴ ἐξέλθῃ ἐξ αὐτῆς πολὺς ὁ ἰὸς αὐτῆς καταισχυθήσεται ὁ ἰὸς αὐτῆς
- 13 Jerizalèm, lawouj la se vye malpwòpte ou t'ap fè nan libètinaj ou yo. Mwen te soti pou m' te mete ou nan bon kondisyon, men ou pa rive fin nan bon kondisyon an nèt. Se poutèt sa, ou p'ap janm nan bon kondisyon ankò toutotan mwen pa fè ou santi tou sa mwen ka fè ou nan kòlè mwen.
As for your unclean purpose: because I have been attempting to make you clean, but you have not been made clean from it, you will not be made clean till I have let loose my passion on you in full measure.
ἀνθ' ὧν ἐμαίνου σύ καὶ τί ἐὰν μὴ καθαρῶθῆς ἔτι ἕως οὗ ἐμπλήσω τὸν θυμὸν μου

- 14 Se mwen menm, Seyè a, ki pale. Lè a rive pou m' fè sa m' te di m'ap fè a. Mwen p'ap chanje lide. M'ap san pitye, mwen p'ap pran priyè. Yo pral pini ou pou sa ou te fè, pou jan ou te mennen bak ou. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.
I the Lord have said the word and I will do it; I will not go back or have mercy, and my purpose will not be changed; in the measure of your ways and of your evil doings you will be judged, says the Lord.
ἐγὼ κύριος λελάληκα καὶ ἤξει καὶ ποιήσω οὐ διαστελῶ οὐδὲ μὴ ἐλεήσω κατὰ τὰς ὁδοὺς σου καὶ κατὰ τὰ ἐνθυμήματά σου κρινῶ σε λέγει κύριος διὰ τοῦτο ἐγὼ κρινῶ σε κατὰ τὰ αἱματά σου καὶ κατὰ τὰ ἐνθυμήματά σου κρινῶ σε ἢ ἀκάθαρτος ἢ ὀνομαστή καὶ πολλῆ τοῦ παραπικραίνειν
- 15 ¶ Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 16 -Nonm o! Mwen pral rete konsa, mwen pral pran moun ou renmen tankou de grenn je nan tèt ou a. Men, pa plenyen, pa rele, pa kite dlo sot nan je ou! Son of man, see, I am taking away the desire of your eyes by disease: but let there be no sorrow or weeping or drops running from your eyes.
- 12 Ou menm, nonm o! Men sa w'a di moun ou yo: Yon moun te mèt bon kou l' bon, li te mèt mache dwat kou l' mache dwat, jou li fè sa ki mal, li gen pou l' peye sa. Jou mechan an va sispann fè sa ki mal, yo p'ap pini l' pou sa li te konn fè a. Konsa tou, lè yon moun ki t'ap mache dwat pran fè sa ki mal, yo p'ap gade sou jan l' te konn mache dwat la pou yo pa fè l' peye sa l' fè a.
And you, son of man, say to the children of your people, The righteousness of the upright man will not make him safe in the day when he does wrong; and the evil-doing of the evil man will not be the cause of his fall in the day when he is turned from his evil-doing; and the upright man will not have life because of his righteousness in the day when he does evil.
εἰπὼν πρὸς τοὺς υἱοὺς τοῦ λαοῦ σου δικαιοσύνη δικαίου οὐ μὴ ἐξέλθῃ αὐτὸν ἐν ἧ ἂν ἡμέρᾳ πλανηθῆ καὶ ἀνομία ἀσεβοῦς οὐ μὴ κακώσῃ αὐτὸν ἐν ἧ ἂν ἡμέρᾳ ἀποστρέψῃ ἀπὸ τῆς ἀνομίας αὐτοῦ καὶ ὁ ἰκαίος οὐ μὴ δύνῃται σωθῆναι
- 13 Wi, mwen deklare tout moun k'ap mache dwat yo gen pou viv. Men, si yo tanmen mete nan tèt yo, paske yo te konn mache dwat la yo gen dwa fè sa ki mal, mwen p'ap chonje jan yo te konn mache dwat la menm. Y'ap mouri paske yo fè sa yo pa t' dwe fè.
When I say to the upright that life will certainly be his; if he puts his faith in his righteousness and does evil, not one of his upright acts will be kept in memory; but in the evil he has done, death will overtake him.
ἐν τῷ εἶπαί με τῷ δικαίῳ οὗτος πέποιθεν ἐπὶ τῇ δικαιοσύνῃ αὐτοῦ καὶ ποιήσῃ ἀνομίαν πᾶσαι αἱ δικαιοσύναι αὐτοῦ οὐ μὴ ἀναμνησθῶσιν ἐν τῇ ἀδικίᾳ αὐτοῦ ἣ ἐποίησεν ἐν αὐτῇ ἀποθάνειται
- 14 Konsa tou, m' avèti tout mechan yo yo gen pou mouri. Men, si yon mechan sispann fè sa ki mal, epi li tanmen mache dwat devan mwen, l'ap fè sa ki byen,
And when I say to the evil-doer, Death will certainly be your fate; if he is turned from his sin and does what is ordered and right;
καὶ ἐν τῷ εἶπαί με τῷ ἀσεβεῖ θανάτῳ θανατωθήσῃ καὶ ἀποστρέψῃ ἀπὸ τῆς ἁμαρτίας αὐτοῦ καὶ ποιήσῃ κρίμα καὶ δικαιοσύνην
- 15 si pa egzanp, li renmèt garanti yo te ba li pou lajan li te prete, si l' renmèt sa li te vòlò a, osinon si li sispann fè sa ki mal pou li mache dapre lòd mwen k'ap bay lavi a, li p'ap mouri, se viv pou li viv.
If the evil-doer lets one who is in his debt have back what is his, and gives back what he had taken by force, and is guided by the rules of life, doing no evil; life will certainly be his, death will not overtake him.
καὶ ἐνεχύρασμα ἀποδοῖ καὶ ἄρπαγμα ἀποτείσῃ ἐν προστάγμασιν ζωῆς διαπορεύεται τοῦ μὴ ποιῆσαι ἄδικον ζωὴ ζήσεται καὶ οὐ μὴ ἀποθάνη
- 16 M'ap padonnen tout peche li te fè yo. L'ap viv paske l'ap mache dwat devan mwen, l'ap fè sa ki byen.
Not one of the sins which he has done will be kept in mind against him: he has done what is ordered and right, life will certainly be his.
πᾶσαι αἱ ἁμαρτίαι αὐτοῦ ἃς ἤμαρτεν οὐ μὴ ἀναμνησθῶσιν ὅτι κρίμα καὶ δικαιοσύνην ἐποίησεν ἐν αὐτοῖς ζήσεται
- 17 Moun ou yo ap plede di: Sa Bondye ap fè a pa bon. Men, se sa yo menm y'ap fè a ki pa bon.
But the children of your people say, The way of the Lord is not equal: when it is they whose way is not equal.
καὶ ἐροῦσιν οἱ υἱοὶ τοῦ λαοῦ σου οὐκ εὐθεῖα ἡ ὁδὸς τοῦ κυρίου καὶ αὕτη ἡ ὁδὸς αὐτῶν οὐκ εὐθεῖα
- 18 Lè moun k'ap mache dwat la sispann fè sa ki byen pou l' lage kò l' nan fè sa ki mal, l'ap mouri poutèt sa.
When the upright man, turning away from his righteousness, does evil, death will overtake him in it.
ἐν τῷ ἀποστρέψῃ δίκαιον ἀπὸ τῆς δικαιοσύνης αὐτοῦ καὶ ποιήσῃ ἀνομίας καὶ ἀποθάνειται ἐν αὐταῖς
- 19 Konsa tou, lè mechan an sispann fè mechanste pou li mache dwat, pou li fè sa ki byen, l'ap sove lavi l' poutèt sa.
And when the evil man, turning away from his evil-doing, does what is ordered and right, he will get life by it.
καὶ ἐν τῷ ἀποστρέψῃ τὸν ἁμαρτωλὸν ἀπὸ τῆς ἀνομίας αὐτοῦ καὶ ποιήσῃ κρίμα καὶ δικαιοσύνην ἐν αὐτοῖς αὐτὸς ζήσεται
- 20 Nou di sa Bondye sèl Mèt la ap fè a pa bon. Enben, m'ap jije chak moun dapre sa yo fè. Nou tande, moun pèp Izrayèl yo!
And still you say, The way of the Lord is not equal. O children of Israel, I will be your judge, giving to everyone the reward of his ways.
καὶ τοῦτό ἐστιν ὃ εἶπατε οὐκ εὐθεῖα ἡ ὁδὸς κυρίου ἕκαστον ἐν ταῖς ὁδοῖς αὐτοῦ κρινῶ ὑμᾶς οἶκος ἰσραηλ.
- 21 ¶ Nan senkyèm jou, dizyèm mwa, douzyèm lanne depi yo te depòte nou an, yon moun ki te resi chape kò l' soti lavil Jerizalèm vin pote nouvèl ban mwen, li di m' lavil la tonbe nan men lènmi.
Now in the twelfth year after we had been taken away prisoners, in the tenth month, on the fifth day of the month, one who had got away in flight from Jerusalem came to me, saying, The town has been taken.
καὶ ἐγενήθη ἐν τῷ δωδεκάτῳ ἔτει ἐν τῷ δωδεκάτῳ μηνὶ πέμπτῃ τοῦ μηνὸς τῆς αἰχμαλωσίας ἡμῶν ἦλθεν ὁ ἀνασωθεὶς πρὸς με ἀπὸ ἱερουσαλὴμ λέγων ἑάλω ἡ πόλις
- 22 Lavèy jou sa a, nan aswè, mwen te santi pouwva Seyè a chita sou mwen avèk fòs. Nan maten, lè moun lan rive, Seyè a demare lang mwen pou m' te ka pale. Mwen pa t' bèbè ankò.
Now the hand of the Lord had been on me in the evening, before the man who had got away came to me; and he made my mouth open, ready for his coming to me in the morning; and my mouth was open and I was no longer without voice.
καὶ ἐγενήθη ἐπ' ἐμέ χεὶρ κυρίου ἐσπέρας πρὶν ἔλθειν αὐτὸν καὶ ἠνοιξέν μου τὸ στόμα ἕως ἦλθεν πρὸς με τὸ πρωὶ καὶ ἀνοιχθέν μου τὸ στόμα οὐ συνεσχέθη ἔτι
- 23 Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
καὶ ἐγενήθη λόγος κυρίου πρὸς με λέγων

- 24 -Nonm o! Rès moun k'ap viv nan lavil yo fin kraze nan peyi Izrayèl la ap plede di: Abraram te pou kont li. Yo te ba li tout peyi a pou li. Nou menm nou anpil. Konsa, tout peyi a ap rete pou nou.
 Son of man, those who are living in these waste places in the land of Israel say, Abraham was but one, and he had land for his heritage: but we are a great number; the land is given to us for our heritage.
 υιὲ ἀνθρώπου οἱ κατοικοῦντες τὰς ἠρημωμένας ἐπὶ τῆς γῆς τοῦ Ἰσραὴλ λέγουσιν εἰς ἡν Ἀβραὰμ καὶ κατέσχεν τὴν γῆν καὶ ἡμεῖς πλείους ἐσμὲν ἡμῖν δέδοται ἡ γῆ εἰς κατάσχεσιν
- 25 Men sa pou ou di yo: Seyè sèl Mèt la pale, li voye di nou: N'ap manje vyann ak tout san li ladan l'. N'ap fè sèvis pou zidòl, n'ap mete san moun deyò, epi nou mete nan tèt nou tout peyi a pral rete pou nou?
 For this cause say to them, This is what the Lord has said: You take your meat with the blood, your eyes are lifted up to your images, and you are takers of life: are you to have the land for your heritage?
 διὰ τοῦτο εἶπὸν αὐτοῖς τάδε λέγει κύριος κύριος
- 27 W'a pale ak yo, w'a di yo men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Jan nou konnen mwen vivan vre a, se mwen menm Seyè a k'ap pale: Rès moun k'ap viv nan lavil kraze yo pral mouri nan lagè. Moun k'ap viv andeyò yo, se bèt nan bwa ki pral manje yo. Moun ki al kache kò yo nan mòn, nan twou wòch, se maladi ki pral fini ak yo.
 This is what you are to say to them: The Lord has said, By my life, truly, those who are in the waste places will be put to the sword, and him who is in the open field I will give to the beasts for their food, and those who are in the strong places and in holes in the rocks will come to their death by disease.
 ζῶ ἐγὼ εἰ μὴν οἱ ἐν ταῖς ἠρημωμέναις μαχαίρα πεσοῦνται καὶ οἱ ἐπὶ προσώπου τοῦ πεδίου τοῖς θηρίοις τοῦ ἀγροῦ δοθήσονται εἰς κατάβρωμα καὶ τοὺς ἐν ταῖς τετειχημέναις καὶ τοὺς ἐν τοῖς σπηλαίοις θανάτῳ ἀποκτενῶ
- 28 M'ap fè peyi a tounen yon dezè san pesonn ladan l'. Fòs pouwa ki te fè l' ap gonfle sou moun lan pral kraze. Mòn peyi Izrayèl yo pral tounen savann. Pesonn p'ap ka vwayaje pase ladan yo.
 And I will make the land a waste and a cause of wonder, and the pride of her strength will come to an end; and the mountains of Israel will be made waste so that no one will go through.
 καὶ δώσω τὴν γῆν ἔρημον καὶ ἀπολείται ἡ ὕβρις τῆς ἰσχύος αὐτῆς καὶ ἐρημωθήσεται τὰ ὄρη τοῦ Ἰσραὴλ διὰ τὸ μὴ εἶναι διαπορευόμενον
- 29 Lè m'a pini pèp la pou tout bagay derespektan yo fè yo, lè m'a fè peyi a tounen yon dezè san pesonn ladan l', lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
 Then they will be certain that I am the Lord, when I have made the land a waste and a cause of wonder, because of all the disgusting things which they have done,
 καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος καὶ ποιήσω τὴν γῆν αὐτῶν ἔρημον καὶ ἐρημωθήσεται διὰ πάντα τὰ βδελύγματα αὐτῶν ἃ ἐποίησαν
- 30 ¶ Seyè a di m' konsa: -Nonm o! Tout pèp la sou do ou lè yo kontre yonn ak lòt bò miray lavil la, nan papòt lakay yo. Yonn ap di lòt: Ann al tandè ki mesaj Seyè a voye ban nou fwa sa a!
 And as for you, son of man, the children of your people are talking together about you by the walls and in the doorways of the houses, saying to one another, Come now, give ear to the word which comes from the Lord.
 καὶ σὺ υιὲ ἀνθρώπου οἱ υἱοὶ τοῦ λαοῦ σου οἱ λαλοῦντες περὶ σοῦ παρὰ τὰ τεῖχη καὶ ἐν τοῖς πυλῶσι τῶν οἰκιῶν καὶ λαλοῦσιν ἄνθρωπος τῷ ἀδελφῷ αὐτοῦ λέγοντες συνέλθωμεν καὶ ἀκούσωμεν τὰ ἔκπορευόμενα παρὰ κυρίου
- 31 Se konsa, tankou si yo te gen dizon, tout pèp la ap sanble bò kote ou, y'ap vin chita devan ou pou yo ka koute sa w'ap di. Men, yo p'ap fè sa w'ap di yo fè. Yo pran pawòl ou pou yo fè bèl fraz. Se enterè yo ase yo konnen.
 And they come to you as my people come, and are seated before you as my people, hearing your words but doing them not: for deceit is in their mouth and their heart goes after profit for themselves.
 ἔρχονται πρὸς σέ ὡς συμπορεύεται λαός καὶ κάθηνται ἐναντίον σου καὶ ἀκούουσιν τὰ ῥήματά σου καὶ αὐτὰ οὐ μὴ ποιήσουσιν ὅτι ψεῦδος ἐν τῷ στόματι αὐτῶν καὶ ὀπίσω τῶν μασμάτων ἡ καρδία αὐτῶν
- 32 Pou yo, ou pa anyen pase yon mizisyen ki gen bèl vwa, k'ap chante bèl ti chante swa, ki konn jwe mizik byen. Y'ap koute tou sa w'ap di yo, men yo p'ap fè sa ou di yo fè.
 And truly you are to them like a love song by one who has a very pleasing voice and is an expert player on an instrument: for they give ear to your words but do them not.
 καὶ γίνη αὐτοῖς ὡς φωνὴ ψαλτηρίου ἡδυφώνου εὐαρμόστου καὶ ἀκούσονται σου τὰ ῥήματα καὶ οὐ μὴ ποιήσουσιν αὐτὰ
- 33 Men, lè sa ou di ki gen pou rive a rive vre, paske l'ap rive vre, se lè sa a y'a rekonèt te gen yon pwofèt nan mitan yo.
 And when this comes about (see, it is coming), then it will be clear to them that a prophet has been among them.
 καὶ ἠνίκα ἂν ἔλθῃ ἐροῦσιν ἰδοῦ ἦκει καὶ γνώσονται ὅτι προφήτης ἦν ἐν μέσῳ αὐτῶν
- 1 ¶ Seyè a pale avè m', li di m' konsa:
 And the word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Bay mesaj sa a sou tout chèf ki reskonsab pèp Izrayèl la. Bay yo mesaj la, di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di yo: Madichon pou gadò pèp Izrayèl yo! Yo te mete yo la pou yo te swen pèp la, men se pwòp tèt yo ase yo konnen.
 Son of man, be a prophet against the keepers of the flock of Israel, and say to them, O keepers of the sheep! this is the word of the Lord: A curse is on the keepers of the flock of Israel who take the food for themselves! is it not right for the keepers to give the food to the sheep?
 υιὲ ἀνθρώπου προφήτευσον ἐπὶ τοὺς ποιμένας τοῦ Ἰσραὴλ προφήτευσον καὶ εἶπὸν τοῖς ποιμέσι τάδε λέγει κύριος κύριος ὃ ποιμένες Ἰσραὴλ μὴ βόσκουσιν ποιμένες ἑαυτοὺς οὐ τὰ πρόβατα βόσκουσιν οἱ ποιμένες

- 3 Nou bwè lèt mouton yo, nou pran lenn sou do yo pou fè rad mete sou nou, nou touye sa ki pi gra yo pou nou manje. Men, nou pa janm swen mouton yo.
 You take the milk and are clothed with the wool, you put the fat beasts to death, but you give the sheep no food.
 ἰδοὺ τὸ γάλα κατέσθετε καὶ τὰ ἔρια περιβάλλεσθε καὶ τὸ παχὺ σφάζετε καὶ τὰ πρόβατά μου οὐ βόσκειτε
- 4 Nou pa bay sa ki mèg yo manje pou yo pran fòs. Nou pa swen sa ki malad yo. Nou pa mete renmèd sou sa ki blese yo. Nou pa fè sa ki te sot nan bann yo tounen nan plas yo. Nou pa al chache sa ki te pèdi yo. Lekontrè, nou sèvi ak pozisyon chèf nou an pou n' kraze yo, pou n' maltrete yo.
 You have not made the diseased ones strong or made well that which was ill; you have not put hands on the broken or got back that which had been sent away or made search for the wandering ones; and the strong you have been ruling cruelly.
 τὸ ἥσθενηκὸς οὐκ ἐνισχύσατε καὶ τὸ κακῶς ἔχον οὐκ ἐσωματοποιήσατε καὶ τὸ συντετριμμένον οὐ κατεδήσατε καὶ τὸ πλανώμενον οὐκ ἐπεστρέψατε καὶ τὸ ἀπολωλὸς οὐκ ἐζητήσατε καὶ τὸ ἰσχυρὸν κατεργάσασθε μόχθῳ
- 5 Paske mouton yo te san gadò, yo gaye nan raje yo, bèt nan bwa touye yo.
 And they were wandering in every direction because there was no keeper: and they became food for all the beasts of the field.
 καὶ διεσπάρη τὰ πρόβατά μου διὰ τὸ μὴ εἶναι ποιμένας καὶ ἐγενήθη εἰς κατάβρωμα πᾶσι τοῖς θηρίοις τοῦ ἀγροῦ
- 6 Se konsa mouton yo gaye sou gwo mòn yo ak sou ti mòn yo. Mouton yo gaye toupatou sou latè. Pesonn pa okipe yo, pesonn pa chache kote yo ye.
 And my sheep went out of the way, wandering through all the mountains and on every high hill: my sheep went here and there over all the face of the earth; and no one was troubled about them or went in search of them.
 καὶ διεσπάρη μου τὰ πρόβατα ἐν παντὶ ὄρει καὶ ἐπὶ πᾶν βουνὸν ὑψηλὸν καὶ ἐπὶ προσώπου πάσης τῆς γῆς διεσπάρη καὶ οὐκ ἦν ὁ ἐκζητῶν οὐδὲ ὁ ἀποστρέφων
- 7 ¶ Se poutèt sa, nou menm gadò ki reskonsab pèp Izrayèl la, koute sa Seyè a voye di nou.
 For this cause, O keepers of the flock, give ear to the word of the Lord:
 διὰ τοῦτο ποιμένες ἀκούσατε λόγον κυρίου
- 8 Jan nou konnen mwen vivan vre a, se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, k'ap pale. Bèt nan bwa atake mouton m' yo, yo devore yo, paske yo te san gadò. Gadò m' yo pa fè anyen pou mouton m' yo. Se tèt pa yo ase yo konnen. Yo pa swen mouton m' yo.
 By my life, says the Lord, truly, because my sheep have been taken away, and my sheep became food for all the beasts of the field, because there was no keeper, and my keepers did not go in search of the sheep, but the keepers took food for themselves and gave my sheep no food;
 ὣς ἐγὼ λέγει κύριος κύριος εἰ μὴν ἀντὶ τοῦ γενέσθαι τὰ πρόβατά μου εἰς προνομὴν καὶ γενέσθαι τὰ πρόβατά μου εἰς κατάβρωμα πᾶσι τοῖς θηρίοις τοῦ πεδίου παρὰ τὸ μὴ εἶναι ποιμένας καὶ οὐκ ἐξεζήτησαν οἱ ποιμένες τὰ πρόβατά μου καὶ ἐβόσκησαν οἱ ποιμένες ἑαυτοῦς τὰ δὲ πρόβατά μου οὐκ ἐβόσκησαν
- 9 Konsa, nou menm gadò pèp la, koute pawòl mwen menm, Seyè a, m'ap di nou.
 For this reason, O you keepers of the flock, give ear to the word of the Lord;
 ἀντὶ τούτου ποιμένες
- 10 Wi, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, voye di nou: M'ap leve dèyè nou! M'ap wete mouton yo nan men nou. Mwen p'ap kite nou reskonsab mouton m' yo ankò. Konsa nou p'ap rete chita ap angrese tèt nou ase sou do mouton m' yo. Wi, m'ap wete mouton m' yo anba dan nou. Nou p'ap ka pwofite sou yo ankò.
 This is what the Lord has said: See I am against the keepers of the flock, and I will make search and see what they have done with my sheep, and will let them be keepers of my sheep no longer; and the keepers will no longer get food for themselves; I will take my sheep out of their mouths so that they may not be food for them.
 τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπὶ τοὺς ποιμένας καὶ ἐκζητήσω τὰ πρόβατά μου ἐκ τῶν χειρῶν αὐτῶν καὶ ἀποστρέψω αὐτοὺς τοῦ μὴ ποιμαίνειν τὰ πρόβατά μου καὶ οὐ βοσκήσουσιν ἔτι οἱ ποιμένες αὐτά καὶ ἐξελοῦμαι τὰ πρόβατά μου ἐκ τοῦ στόματος αὐτῶν καὶ οὐκ ἔσονται αὐτοῖς ἔτι εἰς κατάβρωμα
- 11 Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Se mwen menm menm ki pral chache mouton m' yo pou m' swen yo.
 For this is what the Lord has said: Truly, I, even I, will go searching and looking for my sheep.
 διότι τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐκζητήσω τὰ πρόβατά μου καὶ ἐπισκέψομαι αὐτά
- 12 Menm jan yon gadò mache swen mouton l' yo ki te gaye, konsa m'ap mache sanble tout mouton m' yo, m'ap pran yo tout kote yo te gaye yo depi jou fènwa a, jou gwo malè a, m'ap fè yo tounen.
 As the keeper goes looking for his flock when he is among his wandering sheep, so I will go looking for my sheep, and will get them safely out of all the places where they have been sent wandering in the day of clouds and black night.
 ὥσπερ ζητεῖ ὁ ποιμὴν τὸ ποίμνιον αὐτοῦ ἐν ἡμέρᾳ ὅταν ἦ γνόφος καὶ νεφέλη ἐν μέσῳ προβάτων διακεχωρισμένων οὕτως ἐκζητήσω τὰ πρόβατά μου καὶ ἀπελάσω αὐτὰ ἀπὸ παντὸς τόπου οὗ διεσπάρησαν ἐκεῖ ἐν ἡμέρᾳ νεφέλης καὶ γνόφου

- 13 M'ap fè yo sotì nan mitan moun lòt nasyon yo, m'ap sanble yo, m'ap mennen yo tounen nan pwòp peyi pa yo. M'ap mennen yo vin manje sou tout mòn peyi Izrayèl yo, nan fon yo, tout kote moun ka rete nan peyi a.
And I will take them out from among the peoples, and get them together from the countries, and will take them into their land; and I will give them food on the mountains of Israel by the water-streams and wherever men are living in the country.
 και ἐξάξω αὐτοὺς ἐκ τῶν ἐθνῶν και συνάξω αὐτοὺς ἀπὸ τῶν χωρῶν και εἰσάξω αὐτοὺς εἰς τὴν γῆν αὐτῶν και βοσκήσω αὐτοὺς ἐπὶ τὰ ὄρη ἰσραηλ και ἐν ταῖς φάραγξιν και ἐν πάσῃ κατοικίᾳ τῆς γῆς
- 14 M'ap kite yo manje nan bon jaden zèb. Sou tout mòn byen wo nan peyi Izrayèl la, yo pral jwenn kote pou yo rete san danje. Se la yo pral poze kò yo, yo pral jwenn kont zèb vèt yo sou tout mòn peyi Izrayèl yo.
I will give them good grass-land for their food, and their safe place will be the mountains of the high place of Israel: there they will take their rest in a good place, and on fat grass-land they will take their food on the mountains of Israel.
 ἐν νομῇ ἀγαθῇ βοσκήσω αὐτοὺς και ἐν τῷ ὄρει τῷ ὕψηλῷ ἰσραηλ ἔσονται αἱ μάνδραι αὐτῶν ἐκεῖ κοιμηθήσονται και ἐκεῖ ἀναπαύσονται ἐν τρυφῇ ἀγαθῇ και ἐν νομῇ πῖονι βοσκηθήσονται ἐπὶ τῶν ὄρεων ἰσραηλ
- 15 Se mwen menm ki pral okipe mouton m' yo. Se mwen menm k'ap jwenn yon kote pou yo poze. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
I myself will give food to my flock, and I will give them rest, says the Lord.
 ἐγὼ βοσκήσω τὰ πρόβατά μου και ἐγὼ ἀναπαύσω αὐτὰ και γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος τάδε λέγει κύριος κύριος
- 16 Sa ki pèdi yo, m'ap chache yo. Sa ki te sotì nan bann yo, m'ap fè yo tounen nan plas yo. Sa ki blese yo, m'ap mete renmèd pou yo. Sa ki malad yo, m'ap geri yo. Men, sa ki gra yo, sa ki byen gwo yo, m'ap touye yo. M'ap swen mouton m' yo jan m' dwe fè l' la.
I will go in search of that which had gone wandering from the way, and will get back that which had been sent in flight, and will put bands on that which was broken, and give strength to that which was ill: but the fat and the strong I will give up to destruction; I will give them for their food the punishment which is theirs by right.
 τὸ ἀπολωλὸς ζητήσω και τὸ πλανώμενον ἐπιστρέψω και τὸ συντετριμμένον καταδήσω και τὸ ἐκλείπον ἐνισχύσω και τὸ ἰσχυρὸν φυλάξω και βοσκήσω αὐτὰ μετὰ κρίματος
- 17 ¶ Pou nou menm, mouton m' yo, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, mwen voye di nou. Mwen pral jije nou chak. M'ap mete bon yo yon bò, move yo yon bò, belye mouton yo yon bò, bouk kabrit yo yon bò.
And as for you, O my flock, says the Lord, truly, I will be judge between sheep and sheep, the he-sheep and the he-goats.
 και ἡμεῖς πρόβατα τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ διακρινῶ ἀνὰ μέσον προβάτου και προβάτου κριῶν και τράγων
- 18 Genyen nan mitan nou, se yo ase ki pou manje pi bon zèb yo. Men, sa pa kont yo toujou. Se pou yo pilonnen anba pye yo sa ki pa manje yo. Se yo ase ki pou bwè bèl dlo fre. Men sa pa kont yo toujou, fòk yo sal rès dlo a ak pye yo.
Does it seem a small thing to you to have taken your food on good grass-land while the rest of your grass-land is stamped down under your feet? and that after drinking from clear waters you make the rest of the waters dirty with your feet?
 και οὐχ ἱκανὸν ὑμῖν ὅτι τὴν καλὴν νομὴν ἐνέμεσθε και τὰ κατάλοιπα τῆς νομῆς ὑμῶν καταπατεῖτε τοῖς ποσίν ὑμῶν και τὸ καθεστηκὸς ὕδωρ ἐπίνετε και τὸ λοιπὸν τοῖς ποσίν ὑμῶν ἐταράσσετε
- 19 Konsa, rès mouton m' yo blije manje zèb lòt yo te pilonnen anba pye yo. Yo blije bwè rès dlo lòt yo te sal ak pye yo.
And as for my sheep, their food is the grass which has been stamped on by your feet, and their drink the water which has been made dirty by your feet.
 και τὰ πρόβατά μου τὰ πατήματα τῶν ποδῶν ὑμῶν ἐνέμοντο και τὸ τεταραγμένον ὕδωρ ὑπὸ τῶν ποδῶν ὑμῶν ἔπινον
- 20 Se konsa, koulye a, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, mwen voye di nou: Mwen pral jije mouton gra yo ak mouton mèg yo.
For this reason the Lord has said to them, Truly, I, even I, will be judge between the fat sheep and the thin sheep.
 διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ διακρινῶ ἀνὰ μέσον προβάτου ἰσχυροῦ και ἀνὰ μέσον προβάτου ἀσθενοῦς
- 21 Nou pouse mouton ki san fòs yo sou kote, nou ba yo kou ak dèyè nou, ak pòtray nou, ak kòn nou jouk nou mete yo deyò, nou fè yo kite bann lan.
Because you have been pushing with side and leg, pushing the diseased with your horns till they were sent away in every direction;
 ἐπὶ ταῖς πλευραῖς και τοῖς ὄμοις ὑμῶν διωθεῖσθε και τοῖς κέρασιν ὑμῶν ἐκερατίζετε και πάν τὸ ἐκλείπον ἐξεθλίβετε
- 22 Men, m'ap vin sove mouton m' yo, m' p'ap kite nou fè piyay sou do yo ankò. Se mwen menm k'ap jij nan mitan nou.
I will make my flock safe, and they will no longer be taken away, and I will be judge between sheep and sheep.
 και σώσω τὰ πρόβατά μου και οὐ μὴ ὄσιν ἐτι εἰς προνομὴν και κρινῶ ἀνὰ μέσον κριοῦ πρὸς κριόν
- 23 M'ap ba yo yon wa k'ap tankou David, sèvitè m' lan. Se li menm ki pral okipe yo, k'ap mennen yo manje. Se li menm k'ap gadò yo.
And I will put over them one keeper, and he will give them food, even my servant David; he will give them food and be their keeper.
 και ἀναστήσω ἐπ' αὐτοὺς ποιμένα ἓνα και ποιμανεῖ αὐτοὺς τὸν δοῦλόν μου δαυὶδ και ἔσται αὐτῶν ποιμὴν

- 24 Se mwen menm, Seyè a, k'ap Bondye yo. Se yon wa, tankou David sèvitè m' lan, ki va sèl chèf nan mitan yo. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
And I the Lord will be their God and my servant David their ruler; I the Lord have said it.
 και ἐγὼ κύριος ἔσομαι αὐτοῖς εἰς θεὸν καὶ δαυὶδ ἐν μέσῳ αὐτῶν ἄρχων ἐγὼ κύριος ἐλάλησα
- 25 M'ap pase ak yo yon kontra k'ap garanti yo kè poze, m'ap fè tout bèt nan bwa disparèt nan peyi a. Konsa mouton m' yo va rete san pwoblèm nan savann yo, y'a dòmi nan rakbwa yo.
And I will make with them an agreement of peace, and will put an end to evil beasts through all the land: and they will be living safely in the waste land, sleeping in the woods.
 και διαθήσομαι τῷ δαυὶδ διαθήκην εἰρήνης καὶ ἀφανιῶ θηρία πονηρὰ ἀπὸ τῆς γῆς καὶ κατοικήσουσιν ἐν τῇ ἐρήμῳ καὶ ὑπνώσουσιν ἐν τοῖς δρυμοῖς
- 26 M'ap fè yo rete tout bò ti mòn ki apa pou mwen an. M'ap beni yo, m'ap ba yo bèl lapli lè pou lapli tonbe.
And I will give the rain at the right time, and I will make the shower come down at the right time; there will be showers of blessing.
 και δώσω αὐτοῖς περικύκλω τοῦ ὄρους μου καὶ δώσω τὸν ὑετὸν ὑμῖν ὑετὸν εὐλογίας
- 27 Pyebwa nan jaden yo va donnen, jaden yo va bay bèl rekòt, tout moun pral viv ak kè poze nan peyi yo a. Lè m'a wete chenn lan nan kou yo, lè m'a delivre yo anba men moun ki te fè yo tounen esklav, lè sa a y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And the tree of the field will give its fruit and the earth will give its increase, and they will be safe in their land; and they will be certain that I am the Lord, when I have had their yoke broken and have given them salvation from the hands of those who made them servants.
 και τὰ ξύλα τὰ ἐν τῷ πεδίῳ δώσει τὸν καρπὸν αὐτῶν καὶ ἡ γῆ δώσει τὴν ἰσχύον αὐτῆς καὶ κατοικήσουσιν ἐπὶ τῆς γῆς αὐτῶν ἐν ἐλπίδι εἰρήνης καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ἐν τῷ συντρίψαι με τὸν ζυγὸν αὐτῶν καὶ ἐξελοῦμαι αὐτοῖς ἐκ χειρὸς τῶν καταδουλωσαμένων αὐτούς
- 28 Moun lòt nasyon p'ap piye yo ankò. Bèt nan bwa p'ap devore yo ankò nan peyi a. Yo pral rete lakay yo san danje. Pesonn p'ap vin chache yo kont.
And their goods will no longer be taken by the nations, and they will not again be food for the beasts of the earth; but they will be living safely and no one will be a cause of fear to them.
 και οὐκ ἔσονται ἔτι ἐν προνομῇ τοῖς ἔθνεσιν καὶ τὰ θηρία τῆς γῆς οὐκέτι μὴ φάγωσιν αὐτούς καὶ κατοικήσουσιν ἐν ἐλπίδι καὶ οὐκ ἔσται ὁ ἐκφοβῶν αὐτούς
- 29 M'ap ba yo bon venn tè nan jaden yo. Moun p'ap mouri grangou nan peyi a ankò. Lòt nasyon yo p'ap pase yo nan betiz ankò.
And I will give them planting-places of peace, and they will no longer be wasted from need of food or put to shame by the nations.
 και ἀναστήσω αὐτοῖς φυτὸν εἰρήνης καὶ οὐκέτι ἔσονται ἀπολλύμενοι λιμῷ ἐπὶ τῆς γῆς καὶ οὐ μὴ ἐνέγκωσιν ἔτι ὄνειδισμὸν ἔθνων
- 30 Tout moun va konnen se mwen menm Seyè a, Bondye yo a, ki kanpe la avèk yo. Yo menm, moun fanmi Izrayèl yo, se pèp pa m' lan menm yo ye. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
And they will be certain that I the Lord their God am with them, and that they, the children of Israel, are my people, says the Lord.
 και γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς αὐτῶν καὶ αὐτοὶ λαὸς μου οἶκος Ἰσραὴλ λέγει κύριος
- 31 Nou menm, moun, se mouton mwen nou ye, bann mouton m'ap okipe yo. Mwen menm, se Bondye nou mwen ye. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.
And you are my sheep, the sheep of my grass-lands, and I am your God, says the Lord.
 πρόβατά μου καὶ πρόβατα ποιμνίου μου ἔστε καὶ ἐγὼ κύριος ὁ θεὸς ὑμῶν λέγει κύριος κύριος
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
Then the word of the Lord came to me, saying,
 και ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Vire tèt ou gade nan direksyon mòn Seyi, bay moun Edon yo mesaj mwen ba ou pou yo a.
Son of man, let your face be turned to Mount Seir, and be a prophet against it,
 υἱὲ ἀνθρώπου ἐπίστρεψον τὸ πρόσωπόν σου ἐπ' ὄρος σηρ καὶ προφήτευσον ἐπ' αὐτὸ
- 3 W'a di yo men sa Seyè sèl Mèt la voye di nou: Nou menm moun peyi Seyi, m'ap leve dèyè nou tou! Mwen pral lonje men m' sou nou pou m' pini nou. M'ap fè peyi a tounen yon dezè san pesonn ladan l'.
And say to it, This is what the Lord has said: See, I am against you, O Mount Seir, and my hand will be stretched out against you, and I will make you a waste and a cause for wonder.
 και εἰπὼν τῷδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπὶ σὲ ὄρος σηρ καὶ ἐκτενώ τὴν χειρά μου ἐπὶ σὲ καὶ δώσω σε ἔρημον καὶ ἐρημωθήση
- 4 M'ap fè tout lavil nou yo tounen mazi. M'ap fè peyi a rete san pesonn ladan l'. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
I will make your towns unpeopled and you will be a waste; and you will be certain that I am the Lord.
 και ταῖς πόλεις σου ἐρημίαν ποιήσω καὶ σὺ ἔρημος ἔση καὶ γνώση ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος
- 5 Nou pa janm sispann rayi moun Izrayèl yo. Lè malè lagè tonbe sou yo, lè yo t'ap resevwa dènnye chatiman pou peche yo a, nou lage yo nan men lènmi yo.
Because yours has been a hate without end, and you have given up the children of Israel to the power of the sword in the time of their trouble, in the time of the punishment of the end:
 ἀντὶ τοῦ γενέσθαι σε ἐχθρὰν αἰώνιαν καὶ ἐνεκάθισας τῷ οἴκῳ Ἰσραὴλ δόλω ἐν χειρὶ ἐχθρῶν μαχαίρα ἐν καρφῷ ἀδικίας ἐπ' ἐσχάτῳ

- 6 Se poutèt sa, jan nou konnen mwen vivan vre a, se mwen menm, Seyè a, k'ap pale: m'ap fè nou benyen nan dlo kò nou, nou p'ap ka chape. Wi, nou te mete san yo deyò, san an gen pou pousib nou.
For this cause, by my life, says the Lord, because you have been sinning through blood, blood will come after you.
διὰ τοῦτο ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος κύριος εἰ μὴν εἰς αἷμα ἡμαρτες καὶ αἷμά σε διώξεται
- 7 M'ap fè mòn Seyi yo, peyi Edon an, tounen yon dezè kote moun pa rete. M'ap touye dènye moun k'ap ale vini nan peyi nou an.
And I will make Mount Seir a cause for wonder and a waste, cutting off from it all comings and goings.
καὶ δώσω τὸ ὄρος σηρ εἰς ἔρημον καὶ ἠρημωμένον καὶ ἀπολῶ ἀπ' αὐτοῦ ἀνθρώπους καὶ κτήνη
- 8 Mwen pral kouvri mòn nou yo ak kadav. Ti mòn nou yo, fon nou yo ak ravin nou yo pral kouvri ak kadav moun yo touye nan lagè.
I will make his mountains full of those who have been put to death; in your valleys and in all your water-streams men will be falling by the sword.
καὶ ἐμπλήσω τῶν τραυματιῶν σου τοὺς βουνοὺς καὶ τὰς φάραγγάς σου καὶ ἐν πᾶσι τοῖς πεδίοις σου τετραυματισμένοι μαχαίρα πεσοῦνται ἐν σοί
- 9 M'ap fè peyi nou an tounen dezè pou toutan. p'ap gen yon moun nan lavil nou yo. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
I will make you waste for ever, and your towns will be unpeopled: and you will be certain that I am the Lord.
ἐρημίαν αἰώνιον θήσομαι σε καὶ αἱ πόλεις σου οὐ μὴ κατοικηθῶσιν ἔτι καὶ γνώση ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος
- 10 ¶ Nou te di konsa ni nasyon Izrayèl la, ni nasyon Jida a ansanm ak tout peyi yo a, se pou nou yo ye, nou pral pran yo pou nou, malgre se mwen menm ki te Bondye yo a.
Because you have said, The two nations and the two countries are to be mine, and we will take them for our heritage; though the Lord was there:
διὰ τὸ εἰπεῖν σε τὰ δύο ἔθνη καὶ αἱ δύο χῶραι ἐμαί ἔσονται καὶ κληρονομήσω αὐτάς καὶ κύριος ἐκεῖ ἔστιν
- 11 Enben! Jan nou konnen mwen vivan vre a, se mwen menm, Seyè a, k'ap pale: Jan nou te move sou yo! Jan nou te rayi sò yo! Jan nou pa t' vle wè yo! M'ap fè nou peye pou tou sa. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm k'ap pini nou pou tou sa nou te fè yo.
For this cause, by my life, says the Lord, I will do to you as you have done in your wrath and in your envy, which you have made clear in your hate for them; and I will make clear to you who I am when you are judged by me.
διὰ τοῦτο ζῶ ἐγὼ λέγει κύριος καὶ ποιήσω σοι κατὰ τὴν ἔχθραν σου καὶ γνωσθήσομαί σοι ἡνίκα ἂν κρίνω σε
- 12 Wi, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a, mwen te tande jan nou t'ap pase mòn peyi Izrayèl yo nan betiz, lè n'ap plede di: Yo tounen yon dezè, yo ban nou yo pou n' ka devore yo.
And you will see that I the Lord have had knowledge of all the bitter things which you have said against the mountains of Israel, saying, They have been made waste, they are given to us to take for our heritage.
καὶ γνώση ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ἤκουσα τῆς φωνῆς τῶν βλασφημιῶν σου ὅτι εἶπας τὰ ὄρη ἰσραὴλ ἔρημα ἡμῖν δέδοται εἰς κατάβρωμα
- 13 Mwen te tande ak zòrèy mwen jan nou te derespekte m', jan nou pa t' manke pale m' mal.
And you have made yourselves great against me with your mouths, increasing your words against me; and it has come to my ears.
καὶ ἐμεγαλορημόνησας ἐπ' ἐμὲ τῷ στόματί σου ἐγὼ ἤκουσα
- 14 Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Tout moun sou latè pral kontan lè m'a fè peyi nou an tounen yon dezè
This is what the Lord has said: Because you were glad over my land when it was a waste, so will I do to you:
τάδε λέγει κύριος ἐν τῇ εὐφροσύνῃ πάσης τῆς γῆς ἔρημον ποιήσω σε
- 15 menm jan nou te kontan wè peyi moun Izrayèl yo, peyi moun ki rele m' pa m' yo, tounen yon dezè. Tout mòn Seyi yo, wi, tout peyi Edon an, pral tounen dezè. Lè sa a, tout moun va konnen se mwen menm ki Seyè a.
You will become a waste, O Mount Seir, and all Edom, even all of it: and you will be certain that I am the Lord.
ἔρημον ἔσῃ ὄρος σηρ καὶ πᾶσα ἡ ἰδουμαία ἐξαναλωθήσεται καὶ γνώση ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς αὐτῶν
- 1 ¶ Seyè a di ankò: -Koulye a, nonm o! Men mesaj pou ou bay mòn Izrayèl yo, koute sa Seyè a voye di nou.
And you, son of man, be a prophet about the mountains of Israel, and say, You mountains of Israel, give ear to the word of the Lord:
καὶ σύ υἱὲ ἀνθρώπου προφήτευσον ἐπὶ τὰ ὄρη ἰσραὴλ καὶ εἰπὸν τοῖς ὄρεσιν τοῦ ἰσραὴλ ἀκούσατε λόγον κυρίου
- 2 Wi, men mesaj mwen menm, Seyè sèl Mèt la, voye ban nou: Lènmi moun Izrayèl yo ap pase nou nan betiz, y'ap di: Tout ansyen mòn sa yo pou nou koulye a!
This is what the Lord has said: Because your hater has said against you, Aha! and, The old waste places are our heritage, we have taken them:
τάδε λέγει κύριος κύριος ἀνθ' ὧν εἶπεν ὁ ἐχθρὸς ἐφ' ὑμᾶς εὔγε ἔρημα αἰώνια εἰς κατάσχεσιν ἡμῖν ἐγενήθη

- 3 Se poutèt sa, bay mesaj sa a. Fè yo konnen sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, voye di yo: Lè nasyon ki sou fwontyè nou yo te anvayi peyi Izrayèl la pou yo te piye l', pou yo pran l' pou yo, tout moun t'ap pale sou nou, yo t'ap pase nou nan betiz.
For this cause be a prophet, and say, This is what the Lord has said: Because, even because they have been glad over you and put you to shame on every side, because you have become a heritage for the rest of the nations, and you are taken up on the lips of talkers and in the evil talk of the people:
διὰ τοῦτο προφήτευσον καὶ εἰπὸν τάδε λέγει κύριος κύριος ἀντὶ τοῦ ἀτιμασθῆναι ὑμᾶς καὶ μισηθῆναι ὑμᾶς ὑπὸ τῶν κύκλῳ ὑμῶν τοῦ εἶναι ὑμᾶς εἰς κατάσχεσιν τοῖς καταλοιπίοις ἔθνεσιν καὶ ἀνέβητε λᾶλημα γλώσση καὶ εἰς ὀνειδίσμα ἔθνεσιν
- 4 Enben, koulye a, mòn peyi Izrayèl yo, koute sa Seyè sèl Mèt la voye di nou. Men mesaj Seyè a bay pou tout mòn ak tout ti mòn, pou tout ravin ak tout fon nan peyi a, pou tout kay kraze moun yo kouri kite ak pou tout lavil yo ki tounen mazi. Moun lòt nasyon ki sou fwontyè nou yo te piye nou, yo te pase nou nan betiz.
For this reason, you mountains of Israel, give ear to the word of the Lord; this is what the Lord has said to the mountains and to the hills, to the streams and to the valleys, to the unpeopled wastes and to the towns where no one is living, from which the goods have been taken and which have been put to shame by the rest of the nations who are round about:
διὰ τοῦτο ὄρη ἰσραὴλ ἀκούσατε λόγον κυρίου τάδε λέγει κύριος τοῖς ὄρεσιν καὶ τοῖς βουνοῖς καὶ ταῖς φάραγξιν καὶ τοῖς χειμάρροις καὶ τοῖς ἐξηρημομένοις καὶ ἠφανισμένοις καὶ ταῖς πόλεσιν ταῖς ἐγκυβητοῦσιν αἱ ἐγένοντο εἰς προνομήν καὶ εἰς καταπάτημα τοῖς καταλειφθεῖσιν ἔθνεσιν περικύκλῳ
- 5 Men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, di ankò: M'ap move anpil, m'ap denonse lòt nasyon ki sou fwontyè nou yo. M'ap denonse tout moun nan peyi Edon an tou. Lè yo t'ap pran peyi mwen an pou yo te piye l' nèt ale a, yo pa t' manke kontan, yo pa t' manke pase nou nan rizib.
For this cause the Lord has said: Truly, in the heat of my bitter feeling I have said things against the rest of the nations and against all Edom, who have taken my land as a heritage for themselves with the joy of all their heart, and with bitter envy of soul have made attacks on it:
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος κύριος εἰ μὴν ἐν πυρὶ θυμοῦ μου ἐλάλησα ἐπὶ τὰ λοιπὰ ἔθνη καὶ ἐπὶ τὴν ἰδουμαϊαν πᾶσαν ὅτι ἔδωκαν τὴν γῆν μου ἑαυτοῖς εἰς κατάσχεσιν μετ' εὐφροσύνης ἀτιμάσαντες ψυχὰς τοῦ ἀφανίσαι ἐν προνομῇ
- 6 Se poutèt sa, men mesaj pou ou bay peyi Izrayèl la. Pale ak tout mòn yo, tout ti mòn yo, tout ravin yo ak tout fon yo. Di yo: Men sa Seyè a voye di: Koulye a mwen move, mwen fache, m'ap pale! Wi, nou te soufri lè lòt nasyon yo t'ap joure nou.
For this cause be a prophet about the land of Israel, and say to the mountains and to the hills, to the streams and to the valleys, This is what the Lord has said: Truly, in my bitter feeling and in my wrath I have said these things, because you have undergone the shame of the nations:
διὰ τοῦτο προφήτευσον ἐπὶ τὴν γῆν τοῦ ἰσραὴλ καὶ εἰπὸν τοῖς ὄρεσιν καὶ τοῖς βουνοῖς καὶ ταῖς φάραγξιν καὶ ταῖς νάπαις τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐν τῷ ζήλῳ μου καὶ ἐν τῷ θυμῷ μου ἐλάλησα ἀντὶ τοῦ ὀνειδισμοῦς ἔθνῶν ἐνέγκαι ὑμᾶς
- 7 enben wi, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, di: Mwen leve men m' pou m' fè sèman lòt nasyon ki sou fwontyè nou yo pral peye pou jan yo te pase nou nan betiz la.
For this cause the Lord has said, See, I have taken an oath that the nations which are round about you are themselves to undergo the shame which they have put on you.
διὰ τοῦτο ἐγὼ ἄρῳ τὴν χεῖρά μου ἐπὶ τὰ ἔθνη τὰ περικύκλῳ ὑμῶν οὗτοι τὴν ἀτιμίαν αὐτῶν λήψονται
- 8 Men, sou tout mòn peyi Izrayèl yo, pyebwa yo pral fè fèy ankò, y'ap donner pou nou menm, pèp mwen an, pèp Izrayèl la. Paske nou pa lwen tounen nan peyi nou.
But you, O mountains of Israel, will put out your branches and give your fruit to my people Israel; for they are ready to come.
ὑμῶν δὲ ὄρη ἰσραὴλ τὴν σταφυλὴν καὶ τὸν καρπὸν ὑμῶν καταφάγεται ὁ λαός μου ὅτι ἐγγιζοῦσιν τοῦ ἐλθεῖν
- 9 Paske mwen kanpe la avèk nou. Mwen pral swen nou. Tè jaden nou yo pral raboure, yo pral plante.
For truly I am for you, and I will be turned to you, and you will be ploughed and planted:
ὅτι ἰδοὺ ἐγὼ ἐφ' ὑμᾶς καὶ ἐπιβλέψω ἐφ' ὑμᾶς καὶ κατεργασθήσεσθε καὶ σπαρήσεσθε
- 10 Mwen pral fè tout moun fanmi pèp Izrayèl yo peple, yo pral vin anpil. Tout lavil yo pral plen moun. Yo pral rebati tout kay ki te kraze yo.
And I will let your numbers be increased, all the children of Israel, even all of them: and the towns will be peopled and the waste places will have buildings;
καὶ πληθυνθῶ ἐφ' ὑμᾶς ἀνθρώπους πᾶν οἶκον ἰσραὴλ εἰς τέλος καὶ κατοικηθήσονται αἱ πόλεις καὶ ἡ ἠρημομένη οἰκοδομηθήσεται
- 11 Mwen pral fè ni moun ni bèt peple nan peyi a. Yo pral vin anpil, y'ap fè anpil pitit, m'ap fè nou rete kote nou te konn rete anvan an. M'ap fè nou viv pi byen pase jan nou te konn viv la. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
Man and beast will be increased in you, and they will have offspring and be fertile: I will make you thickly peopled as you were before, and will do more for you than at the first: and you will be certain that I am the Lord.
καὶ πληθυνθῶ ἐφ' ὑμᾶς ἀνθρώπους καὶ κτήνη καὶ κατοικηθῶ ὑμᾶς ὡς τὸ ἐν ἀρχῇ ὑμῶν καὶ εὖ ποιήσω ὑμᾶς ὥσπερ τὰ ἔμπροσθεν ὑμῶν καὶ γνώσεσθε ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος
- 12 M'ap mennen nou tounen, nou menm moun pèp Izrayèl yo, pou nou ka viv nan peyi nou an. Nou pral pran peyi a pou nou. Peyi a pral rele nou pa nou. Li p'ap janm kite pitit li yo mouri ankò.
Yes, I will have you walked on by the feet of men, even my people Israel; they will have you for a heritage and you will be theirs, and never again will you take their children from them.
καὶ γεννήσω ἐφ' ὑμᾶς ἀνθρώπους τὸν λαόν μου ἰσραὴλ καὶ κληρονομήσουσιν ὑμᾶς καὶ ἔσεσθε αὐτοῖς εἰς κατάσχεσιν καὶ οὐ μὴ προστεθῆτε ἔτι ἀτεκνωθῆναι ἀπ' αὐτῶν

- 13 Men sa Seyè sèl Mèt la di ankò: -Yo te mache di: Peyi a ap manje moun li yo. L'ap touye tout pitit moun ki rete ladan l' yo. Se te vre.
This is what the Lord has said: Because they say to you, You, O land, are the destruction of men, causing loss of children to your nation;
τάδε λέγει κύριος κύριος ἀνθ' ὧν εἶπάν σοι κατέσθουσα ἀνθρώπους εἶ και ἠτεκνωμένη ὑπὸ τοῦ ἔθνους σου ἐγένου
- 14 Men, depi jòdi a, peyi a p'ap manje moun li yo ankò, li p'ap touye pitit moun ki rete ladan l' yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
For this reason you will no longer take the lives of men and will never again be the cause of loss of children to your nation, says the Lord.
διὰ τοῦτο ἀνθρώπους οὐκέτι φάγεσαι και τὸ ἔθνος σου οὐκ ἀτεκνωσεῖς ἔτι λέγει κύριος κύριος
- 15 M'ap fè lòt nasyon yo sispann pase nou nan betiz. Nou p'ap tande jouman yo nan zòrèy nou ankò. Yo p'ap lonje dwèt sou nou ankò pou fè nou wont. Peyi a p'ap touye pitit li yo ankò. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
And I will not let the shaming of the nations come to your ears, and no longer will you be looked down on by the peoples, says the Lord.
και οὐκ ἀκουσθήσεται οὐκέτι ἐφ' ὑμᾶς ἀτιμία ἔθνων και ὀνειδισμοὺς λαῶν οὐ μη ἀνεγκιχτε λέγει κύριος κύριος
- 16 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
Then the word of the Lord came to me, saying,
και ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 17 -Nonm o! Lè moun pèp Izrayèl yo te rete nan peyi yo a, yo mennen bak yo yon jan ki mete peyi a nan kondisyon li pa ka fè sèvis Bondye ankò. Lavi yo t'ap mennen an te mete yo nan kondisyon yo pa t' ka fè sèvis pou mwen. Nan je mwen yo pa t' pi bon pase yon fi ki gen lalin li.
Son of man, when the children of Israel were living in their land, they made it unclean by their way and their acts: their way before me was as when a woman is unclean at the time when she is kept separate.
οὐδὲ ἀνθρώπου οἶκος ἰσραηλ κατόκησεν ἐπὶ τῆς γῆς αὐτῶν και ἐμίαναν αὐτὴν ἐν τῇ ὁδῷ αὐτῶν και ἐν τοῖς εἰδώλοις αὐτῶν και ἐν ταῖς ἀκαθαρσίαις αὐτῶν κατὰ τὴν ἀκαθαρσίαν τῆς ἀποκαθιμένης ἐγε νήθη ἡ ὁδὸς αὐτῶν πρὸ προσώπου μου
- 18 Se poutèt sa mwen fè yo santi jan mwen ka move sou yo, paske yo te fè anpil san koule nan peyi a, yo te mete zidòl toupatou. Konsa yo te mete peyi a nan kondisyon pou l' pa t' ka fè sèvis pou mwen ankò.
So I let loose my wrath on them because of those whom they had violently put to death in the land, and because they had made it unclean with their images:
και ἐξέχεα τὸν θυμὸν μου ἐπ' αὐτοὺς
- 19 Mwen gaye yo nan mitan lòt nasyon yo. Mwen simaye yo nan tout peyi etranje yo. Mwen pini yo pou jan yo te mennen bak yo mal ak pou tou sa yo te fè.
And I sent them in flight among the nations and wandering through the countries: I was their judge, rewarding them for their way and their acts.
και διέσπειρα αὐτοὺς εἰς τὰ ἔθνη και ἐλίκησα αὐτοὺς εἰς τὰς χώρας κατὰ τὴν ὁδὸν αὐτῶν και κατὰ τὴν ἀμαρτίαν αὐτῶν ἔκρινα αὐτούς
- 20 Nan tout peyi kote yo rive, yo lakòz moun derespekte non mwen ki yon non apa. Yo fè moun ap di sou yo: Men pèp Seyè a wi! Yo blije soti kite peyi li te ba yo a!
And when they came among the nations, wherever they went, they made my holy name unclean, when it was said of them, These are the people of the Lord who have gone out from his land.
και εἰσήλθοσαν εἰς τὰ ἔθνη οὗ εἰσήλθοσαν ἐκεῖ και ἐβεβήλωσαν τὸ ὄνομά μου τὸ ἅγιον ἐν τῷ λέγεσθαι αὐτούς λαὸς κυρίου οὗτοι και ἐκ τῆς γῆς αὐτοῦ ἐξεληλύθασιν
- 21 Sa te ban m' tèt chaje pou m' te wè jan moun pèp Izrayèl yo te lakòz moun t'ap derespekte non m' nan tout peyi kote yo pase.
But I had pity for my holy name which the children of Israel had made unclean wherever they went.
και ἐφεισάμην αὐτῶν διὰ τὸ ὄνομά μου τὸ ἅγιον ὃ ἐβεβήλωσαν οἶκος ἰσραηλ ἐν τοῖς ἔθνεσιν οὗ εἰσήλθοσαν ἐκεῖ
- 22 Se poutèt sa, w'a di moun pèp Izrayèl yo: Men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba yo: Sa m' pral fè a, se pa pou tèt nou m'ap fè l', tande. Se poutèt non mwen ki yon non apa, non nou te trennen nan labou nan tout peyi kote nou pase yo.
For this cause say to the children of Israel, This is what the Lord has said: I am doing this, not because of you, O children of Israel, but because of my holy name, which you have made unclean among the nations wherever you went.
διὰ τοῦτο εἰπὸν τῷ οἴκῳ ἰσραηλ τάδε λέγει κύριος οὐχ ὑμῖν ἐγὼ ποιῶ οἶκος ἰσραηλ ἀλλ' ἢ διὰ τὸ ὄνομά μου τὸ ἅγιον ὃ ἐβεβηλώσατε ἐν τοῖς ἔθνεσιν οὗ εἰσήλθετε ἐκεῖ
- 23 Menm jan nou te trennen non m' nan labou nan mitan lòt nasyon yo, konsa m' pral sèvi ak nou pou fè lòt nasyon yo wè jan m' gen pouvwa, jan m' se yon Bondye ki apa. Lè sa a, nasyon yo va konnen se mwen menm ki Seyè a.
And I will make holy my great name which has been made unclean among the nations, which you have made unclean among them; and it will be clear to the nations that I am the Lord, says the Lord, when I make myself holy in you before their eyes.
και ἀγιάσω τὸ ὄνομά μου τὸ μέγα τὸ βεβηλωθὲν ἐν τοῖς ἔθνεσιν ὃ ἐβεβηλώσατε ἐν μέσῳ αὐτῶν και γνώσονται τὰ ἔθνη ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ἐν τῷ ἀγιασθῆναι με ἐν ὑμῖν κατ' ὀφθαλμοὺς αὐτῶν
- 24 M'ap wete nou nan mitan nasyon yo, m'ap sanble nou soti nan tout peyi yo, m'ap mennen nou tounen nan peyi pa nou an.
For I will take you out from among the nations, and get you together from all the countries, and take you into your land.
και λήψομαι ὑμᾶς ἐκ τῶν ἔθνων και ἀθροίσω ὑμᾶς ἐκ πασῶν τῶν γαιῶν και εἰσάξω ὑμᾶς εἰς τὴν γῆν ὑμῶν

- 25 ¶ M'ap benyen nou nan bon dlo klè pou nou ka vin nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen. M'ap mete nou nan kondisyon pou sèvi m', m'ap wete tout vye bagay derespektan nou t'ap fè yo ak tout zidòl nou yo.
And I will put clean water on you so that you may be clean: from all your unclean ways and from all your images I will make you clean.
καὶ ῥάνω ἐφ' ὑμᾶς ὕδωρ καθαρὸν καὶ καθαρισθήσεσθε ἀπὸ πασῶν τῶν ἀκαθαρσιῶν ὑμῶν καὶ ἀπὸ πάντων τῶν εἰδώλων ὑμῶν καὶ καθαριῶ ὑμᾶς
- 26 M'ap mete lòt santiman nan kè nou. M'ap mete lòt lide nan tèt nou. M'ap wete tèt di nou an, m'ap fè nou tandè lè m' pale nou.
And I will give you a new heart and put a new spirit in you: I will take away the heart of stone from your flesh, and give you a heart of flesh.
καὶ δώσω ὑμῖν καρδίαν καινὴν καὶ πνεῦμα καινὸν δώσω ἐν ὑμῖν καὶ ἀφελῶ τὴν καρδίαν τὴν λιθίνην ἐκ τῆς σαρκὸς ὑμῶν καὶ δώσω ὑμῖν καρδίαν σαρκίνην
- 27 M'ap mete Lespri m' nan nou, konsa m'ap fè nou mache dwat dapre lòd mwen ban nou, pou nou fè tou sa mwen mande nou fè. N'a kenbe prensip mwen yo.
And I will put my spirit in you, causing you to be guided by my rules, and you will keep my orders and do them.
καὶ τὸ πνεῦμά μου δώσω ἐν ὑμῖν καὶ ποιήσω ἵνα ἐν τοῖς δικαιομασίῃ μου πορεύησθε καὶ τὰ κρίματά μου φυλάξησθε καὶ ποιήσητε
- 28 Lè sa a, n'a rete nan peyi mwen te bay zansèt nou yo. Se nou menm ki pral pèp ki rele m' pa mwen. Mwen menm se Bondye nou m'ap ye.
So that you may go on living in the land which I gave to your fathers; and you will be to me a people, and I will be to you a God.
καὶ κατοικήσετε ἐπὶ τῆς γῆς ἧς ἔδωκα τοῖς πατράσιν ὑμῶν καὶ ἔσεσθέ μοι εἰς λαόν κἀγὼ ἔσομαι ὑμῖν εἰς θεόν
- 29 M'ap delivre nou anba tout vye bagay mal nou t'ap fè yo. M'ap bay ble yo lòd pou yo donnen anpil. Konsa mwen p'ap janm voye grangou sou nou ankò.
And I will make you free from all your unclean ways: and at my voice the grain will come up and be increased, and I will not let you be short of food.
καὶ σώσω ὑμᾶς ἐκ πασῶν τῶν ἀκαθαρσιῶν ὑμῶν καὶ καλέσω τὸν σίτον καὶ πληθυνῶ αὐτὸν καὶ οὐ δώσω ἐφ' ὑμᾶς λιμὸν
- 30 M'ap fè pye fwi nou yo ak jaden nou yo donnen an kantite. Konsa, nou p'ap nan grangou, nou p'ap wont ankò devan lòt nasyon yo.
And I will make the tree give more fruit and the field fuller produce, and no longer will you be shamed among the nations for need of food.
καὶ πληθυνῶ τὸν καρπὸν τοῦ ξύλου καὶ τὰ γενήματα τοῦ ἀγροῦ ὅπως μὴ λάβητε ὄνειδισμὸν λιμοῦ ἐν τοῖς ἔθνεσιν
- 31 Lè sa a, n'a chonje jan nou te mennen bak nou mal, jan nou te fè sa ki pa t' bon menm. Nou pral gen degoutans pou tèt nou paske nou te fè mechanste ak anpil bagay lèd devan Bondye.
And at the memory of your evil ways and your wrongdoings, you will have bitter hate for yourselves because of your evil-doings and your disgusting ways, O children of Israel.
καὶ μνησθήσεσθε τὰς ὁδοὺς ὑμῶν τὰς πονηρὰς καὶ τὰ ἐπιτηδεύματα ὑμῶν τὰ μὴ ἀγαθὰ καὶ προσοχτιεῖτε κατὰ πρόσωπον αὐτῶν ἐν ταῖς ἀνομίαις ὑμῶν καὶ ἐπὶ τοῖς βδελύγμασιν ὑμῶν
- 32 Nou menm, moun Izrayèl yo, men sa Seyè sèl Mèt la di nou: Mwen vle fè nou konnen se pa poutèt nou m'ap fè sa m'ap fè a. Non! Okontrè, se wont pou nou ta wont, se bese pou nou ta bese je nou pou sa nou te fè.
Not because of you am I doing it, says the Lord; let it be clear to you, and be shamed and made low because of your ways, O children of Israel.
οὐ δι' ὑμᾶς ἐγὼ ποιῶ λέγει κύριος κύριος γνωστὸν ἔσται ὑμῖν αἰσχύνθητε καὶ ἐντρέπητε ἐκ τῶν ὁδῶν ὑμῶν οἴκος ἰσραὴλ
- 33 Men sa Seyè sèl Mèt la di: Jou m'a mete nou nan kondisyon pou sèvi m' lan, lè m'a wete nou anba tout peche nou yo, m'a kite nou al rete nan lavil nou yo, m'a kite nou rebati kay kraze nou yo.
This is what the Lord has said: In the day when I make you clean from all your evil-doings I will let the towns be peopled and there will be building on the waste places.
τάδε λέγει κύριος ἐν ἡμέρᾳ ἧ καθαριῶ ὑμᾶς ἐκ πασῶν τῶν ἀνομιῶν ὑμῶν καὶ κατοικιῶ τὰς πόλεις καὶ οἰκοδομηθήσονται αἱ ἔρημοι
- 34 Tout moun k'ap pase bò jaden nou yo te wè jan yo te ravaje, jan yo te tounen dezè. Men, mwen pral fè nou travay jaden nou yo ankò.
And the land which was waste will be farmed, in place of being a waste in the eyes of everyone who went by.
καὶ ἡ γῆ ἧ ἠφανισμένη ἐργασθήσεται ἀνθ' ὧν ὅτι ἠφανισμένη ἐγενήθη κατ' ὀφθαλμοὺς παντὸς παροδεύοντος
- 35 Konsa tout moun va di: Gade peyi ki te ravaje a non! Koulye a, li tounen yon bèl jaden tankou jaden Edenn lan. Gade jan lavil ki te fin kraze, piye, demoli yo tounen bèl lavil ak gwo ranpa plen moun non!
And they will say, This land which was waste has become like the garden of Eden; and the towns which were unpeopled and wasted and pulled down are walled and peopled.
καὶ ἐροῦσιν ἡ γῆ ἐκείνη ἧ ἠφανισμένη ἐγενήθη ὡς κῆπος τρυφῆς καὶ αἱ πόλεις αἱ ἔρημοι καὶ ἠφανισμένα καὶ κατεσκαμμένα ὄχουραι ἐκάθισαν
- 36 Lè sa a, rès moun lòt nasyon sou fwontyè nou yo ki chape anba lanmò va konnen se mwen menm, Seyè a, ki rebati tout lavil ki te kraze yo, se mwen menm ki replante jaden ki te ravaje yo. Se mwen menm, Seyè a, ki pale. Sa mwen di m'ap fè a, m'ap fè l'!
Then the rest of the nations round about you will be certain that I the Lord am the builder of the places which were pulled down and the planter of that which was waste: I the Lord have said it, and I will do it.
καὶ γνώσονται τὰ ἔθνη ὅσα ἂν καταλειφθῶσιν κύκλῳ ὑμῶν ὅτι ἐγὼ κύριος ὠκοδόμησα τὰς καθηρημένας καὶ κατεφύτευσα τὰς ἠφανισμένας ἐγὼ κύριος ἐλάλησα καὶ ποιήσω
- 37 Seyè sèl Mèt la pale, li di: M'ap kite moun pèp Izrayèl yo vin mande m' sekou. M'ap kite yo peple tankou yon bann mouton.
This is what the Lord has said: The children of Israel will again make prayer to me for this, that I may do it for them; I will make them increased with men like a flock.
τάδε λέγει κύριος ἔτι τοῦτο ζητηθήσομαι τῷ οἴκῳ ἰσραὴλ τοῦ ποιῆσαι αὐτοῖς πληθυνῶ αὐτούς ὡς πρόβατα ἀνθρώπους

- 38 Laval ki te fin kraze yo pral plen moun tankou laval Jerizalèm plen mouton yo mennen pou touye pou Bondye lè jou fèt yo. Lè sa a, tout moun va konnen se mwen menm ki Seyè a.
Like sheep for the offerings, like the sheep of Jerusalem at her fixed feasts, so the unpeopled towns will be made full of men: and they will be certain that I am the Lord.
ὡς πρόβατα ἄγρια ὡς πρόβατα ἱερουσαλημ ἐν ταῖς ἐορταῖς αὐτῆς οὕτως ἔσονται αἱ πόλεις αἱ ἔρημοι πλήρεις προβάτων ἀνθρώπων καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ κύριος
- 1 ¶ Mwen santi pouwva Seyè a sou mwen ankò. Lespri Bondye a pran m', li mennen m' nan yon fon ki te plen zosman.
The hand of the Lord had been on me, and he took me out in the spirit of the Lord and put me down in the middle of the valley; and it was full of bones;
καὶ ἐγένετο ἐπ' ἐμὲ χεὶρ κυρίου καὶ ἐξήγαγέν με ἐν πνεύματι κύριος καὶ ἔθηκέν με ἐν μέσῳ τοῦ πεδίου καὶ τοῦτο ἦν μεστὸν ὀστέων ἀνθρωπίνων
- 2 Li fè m' pwonmennen nan tout fon an, nan mitan zosman yo. Mwen wè te gen anpil anpil zosman atè nan fon an. Zosman yo te fin chèch nèt.
And he made me go past them round about: and I saw that there was a very great number of them on the face of the wide valley, and they were very dry.
καὶ περιήγαγέν με ἐπ' αὐτὰ κυκλόθεν κύκλῳ καὶ ἰδοὺ πολλὰ σφόδρα ἐπὶ προσώπου τοῦ πεδίου ξηρὰ σφόδρα
- 3 Li di m' konsa: -Nonm o! Eske zosman sa yo ka tounen vivan ankò? Mwen reponn: -Seyè sèl Mèt la, se ou ki konnen!
And he said to me, Son of man, is it possible for these bones to come to life? And I made answer, and said, It is for you to say, O Lord.
καὶ εἶπεν πρὸς με υἱὲ ἀνθρώπου εἰ ζήσεται τὰ ὀστᾶ ταῦτα καὶ εἶπα κύριε σὺ ἐπίστη ταῦτα
- 4 Lè sa a, li di m' konsa: -Bay mesaj sa a pou zosman yo. W'a di zosman ki fin chèch yo pou yo koute pawòl Seyè a.
And again he said to me, Be a prophet to these bones, and say to them, O you dry bones, give ear to the word of the Lord.
καὶ εἶπεν πρὸς με προφήτευσον ἐπὶ τὰ ὀστᾶ ταῦτα καὶ ἐρεῖς αὐτοῖς τὰ ὀστᾶ τὰ ξηρὰ ἀκούσατε λόγον κυρίου
- 5 Wi, men sa Seyè sèl Mèt la voye di yo: Mwen pral fè yon van souffle sou nou pou nou ka tounen vivan ankò.
This is what the Lord has said to these bones: See, I will make breath come into you so that you may come to life;
τάδε λέγει κύριος τοῖς ὀστέοις τούτοις ἰδοὺ ἐγὼ φέρω εἰς ὑμᾶς πνεῦμα ζωῆς
- 6 M'ap mete venn sou nou, m'ap fè vyann pouse sou nou, m'ap kouvri nou ak po. M'ap mete souf nan nou, m'ap fè nou viv ankò. Lè sa a, n'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And I will put muscles on you and make flesh come on you, and put skin over you, and breath into you, so that you may have life; and you will be certain that I am the Lord.
καὶ δώσω ἐφ' ὑμᾶς νεῦρα καὶ ἀνάξω ἐφ' ὑμᾶς σάρκα καὶ ἐκτενῶ ἐφ' ὑμᾶς δέρμα καὶ δώσω πνευμά μου εἰς ὑμᾶς καὶ ζήσεσθε καὶ γνώσεσθε ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος
- 7 Mwen bay mesaj Bondye a jan li te ban m' lòd la. Antan m'ap pale konsa, mwen tandè yon gwo bri, zosman yo pran deplase jouk yo jwenn plas yo yonn bò kote lòt.
So I gave the word as I was ordered: and at my words there was a shaking of the earth, and the bones came together, bone to bone.
καὶ ἐπροφήτευσά καθὼς ἐνετείλατό μοι καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἐμῇ προφητεῦσαι καὶ ἰδοὺ σεισμός καὶ προσήγαγε τὰ ὀστᾶ ἑκάτερον πρὸς τὴν ἁρμονίαν αὐτοῦ
- 8 Mwen gade, mwen wè zosman yo te gen venn sou yo. Vyann t'ap pouse sou yo. Lèfini po kouvri yo tout. Men pa t' gen souf nan yo.
And looking I saw that there were muscles on them and flesh came up, and they were covered with skin: but there was no breath in them.
καὶ εἶδον καὶ ἰδοὺ ἐπ' αὐτὰ νεῦρα καὶ σάρκα ἐφύοντο καὶ ἀνέβαιναν ἐπ' αὐτὰ δέρμα ἐπάνω καὶ πνεῦμα οὐκ ἦν ἐν αὐτοῖς
- 9 Bondye di m' konsa: -Nonm o! Bay mesaj Bondye a, pale ak van an. W'a di li men mesaj Seyè sèl Mèt la voye ba li: Vini non! Soti nan kat bòn direksyon yo. Soufle sou tout mò sa yo, fè yo tounen vivan ankò.
And he said to me, Be a prophet to the wind, be a prophet, son of man, and say to the wind, The Lord has said: Come from the four winds, O wind, breathing on these dead so that they may come to life.
καὶ εἶπεν πρὸς με προφήτευσον υἱὲ ἀνθρώπου προφήτευσον ἐπὶ τὸ πνεῦμα καὶ εἰπὸν τῷ πνεύματι τάδε λέγει κύριος ἐκ τῶν τεσσάρων πνευμάτων ἔλθε καὶ ἐμφύσησον εἰς τοὺς νεκροὺς τούτους καὶ ζήσονται
- 10 Se konsa, mwen bay mesaj la, jan li te ban m' lòd la. Souf la antre nan kadav yo, yo vin vivan ankò, yo kanpe sou de pye yo. Te gen anpil anpil moun, kont pou fè yon gwo lame.
And I gave the word at his orders, and breath came into them, and they came to life and got up on their feet, a very great army.
καὶ ἐπροφήτευσά καθότι ἐνετείλατό μοι καὶ εἰσῆλθεν εἰς αὐτοὺς τὸ πνεῦμα καὶ ἔζησαν καὶ ἔστησαν ἐπὶ τῶν ποδῶν αὐτῶν συναγωγὴ πολλὴ σφόδρα
- 11 Bondye di mwen: -Nonm o! Moun pèp Izrayèl yo tankou zosman sa yo. Y'ap di: Nou fin deperi, nou pa gen espwa ankò. Nou fini nèt.
Then he said to me, Son of man, these bones are all the children of Israel: and see, they are saying, Our bones have become dry our hope is gone, we are cut off completely.
καὶ ἐλάλησεν κύριος πρὸς με λέγων υἱὲ ἀνθρώπου τὰ ὀστᾶ ταῦτα πᾶς οἶκος ἱσραηλ ἐστὶν καὶ αὐτοὶ λέγουσιν ξηρὰ γέγονεν τὰ ὀστᾶ ἡμῶν ἀπώλωλεν ἡ ἐλπίς ἡμῶν διαπεφονήκαμεν
- 12 Se poutèt sa, ba yo mesaj sa a. Di yo konsa: Men sa mwen menm Seyè sèl Mèt la voye di yo: Mwen pral louvri tonn yo. Mwen pral fè yo soti ladan yo, m'ap mennen yo tounen nan peyi Izrayèl la.
For this cause be a prophet to them, and say, This is what the Lord has said: See, I am opening the resting-places of your dead, and I will make you come up out of your resting-places, O my people; and I will take you into the land of Israel.
διὰ τοῦτο προφήτευσον καὶ εἰπὸν τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἀνοίγω ὑμῶν τὰ μνήματα καὶ ἀνάξω ὑμᾶς ἐκ τῶν μνημάτων ὑμῶν καὶ εἰσάξω ὑμᾶς εἰς τὴν γῆν τοῦ ἱσραηλ

- 13 Wi, m'a louvri tonm kote pèp mwen an te antere a, m'a fè yo soti nan tonm yo. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm ki Seyè a.
And you will be certain that I am the Lord by my opening the resting-places of your dead and making you come up out of your resting-places, O my people.
 και γνώσεσθε ότι ἐγώ εἰμι κύριος ἐν τῷ ἀνοίξει με τοὺς τάφους ὑμῶν τοῦ ἀναγαγεῖν με ἐκ τῶν τάφων τὸν λαόν μου
- 14 M'ap mete souf mwen nan yo, m'ap fè yo tounen vivan ankò. M'ap fè yo tounen nan peyi pa yo a. Lè sa a, y'a konnen se mwen menm Seyè a ki pale. Sa m' te di m'ap fè a, m'ap fè l' vre. Se Seyè a menm ki di sa.
And I will put my spirit in you, so that you may come to life, and I will give you a rest in your land: and you will be certain that I the Lord have said it and have done it, says the Lord.
 και δώσω τὸ πνεῦμά μου εἰς ὑμᾶς και ζήσεσθε και θήσομαι ὑμᾶς ἐπὶ τὴν γῆν ὑμῶν και γνώσεσθε ότι ἐγὼ κύριος λελάληκα και ποιήσω λέγει κύριος
- 15 ¶ Seyè a pale avè m' ankò, li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
 και ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 16 -Nonm o! Pran yon moso bwa. Ekri sou li: Jida ak moun pèp Izrayèl k'ap mache avè l' yo. Lèfini, pran yon lòt moso bwa. Ekri sou li: Jozèf osinon Efrayim ak tout moun pèp Izrayèl k'ap mache avè l' yo.
And you, son of man, take one stick, writing on it, For Judah and for the children of Israel who are in his company: then take another stick, writing on it, For Joseph, the stick of Ephraim, and all the children of Israel who are in his company:
 υἱὲ ἀνθρώπου λαβὲ σεαυτῷ ῥάβδον και γράψον ἐπ' αὐτὴν τὸν ἰουδαῖν και τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ τοὺς προσκειμένους ἐπ' αὐτόν και ῥάβδον δευτέραν λήμψη σεαυτῷ και γράψεις αὐτήν τῷ ἰωσηφ ῥάβδον εφραιμ και πάντας τοὺς υἱοὺς ἰσραηλ τοὺς προστεθέντας πρὸς αὐτόν
- 17 Pran de moso bwa yo, kole yo bout pou bout, kenbe yo yon jan pou yo parèt tankou si se yon sèl bout bwa ou gen nan men ou.
Then, joining them one to another, make them one stick, so that they may be one in your hand.
 και συνάψεις αὐτάς πρὸς ἀλλήλας σεαυτῷ εἰς ῥάβδον μίαν τοῦ δεῖσαι αὐτάς και ἔσονται ἐν τῇ χειρὶ σου
- 18 Lè moun pèp ou yo va mande ou: Manyè di nou sa sa vle di.
And when the children of your people say to you, Will you not make clear to us what these things have to do with us?
 και ἔσται ὅταν λέγωσιν πρὸς σὲ οἱ υἱοὶ τοῦ λαοῦ σου οὐκ ἀναγγελεῖς ἡμῖν τί ἐστὶν ταῦτά σοι
- 19 W'a di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di nou: Mwen pral pran bout bwa ki kanpe pou Jozèf osinon Efrayim ansanm ak branch fanmi Izrayèl k'ap mache ak li yo, m'ap mete l' ansanm ak bout bwa Jida a. M'ap fè yo fè yon sèl bout bwa. Epi, m'ap kenbe yo nan men mwen.
Then say to them, This is what the Lord has said: See, I am taking the stick of Joseph, which is in the hand of Ephraim, and the tribes of Israel who are in his company; and I will put it on the stick of Judah and make them one stick, and they will be one in my hand.
 και ἐρεῖς πρὸς αὐτούς τάδε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ λήμψομαι τὴν φυλὴν ἰωσηφ τὴν διὰ χειρὸς εφραιμ και τὰς φυλάς ἰσραηλ τὰς προσκειμένας πρὸς αὐτόν και δώσω αὐτούς ἐπὶ τὴν φυλὴν ἰουδα και ἔσονται εἰς ῥάβδον μίαν ἐν τῇ χειρὶ ἰουδα
- 20 Kenbe de bout bwa yo nan men ou pou tout pèp la ka wè yo.
And the sticks with your writing on them will be in your hand before their eyes.
 και ἔσονται αἱ ῥάβδοι ἐφ' αἷς σὺ ἔγραψας ἐπ' αὐταῖς ἐν τῇ χειρὶ σου ἐνώπιον αὐτῶν
- 21 Lèfini, w'a di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di yo: Mwen pral mache chache dènye moun pèp mwen an nan mitan tout nasyon kote yo te ale a. M'ap sanble yo soti toupatou, m'ap mennen yo tounen nan peyi pa yo a.
And say to them, These are the words of the Lord: See, I am taking the children of Israel from among the nations where they have gone, and will get them together on every side, and take them into their land:
 και ἐρεῖς αὐτοῖς τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ λαμβάνω πάντα οἶκον ἰσραηλ ἐκ μέσου τῶν ἐθνῶν οὗ εἰσῆλθοσαν ἐκεῖ και συναξῶ αὐτούς ἀπὸ πάντων τῶν περικύκλω αὐτῶν και εἰσάξω αὐτούς εἰς τὴν γῆν τοῦ ἰσραηλ
- 22 M'ap fè yo tounen yon sèl pèp nan peyi a ankò, sou mòn Izrayèl yo. Yo pral gen yon sèl wa pou gouvènman yo. Yo p'ap fè de peyi ankò. Yo p'ap fè de gouvènman ankò.
And I will make them one nation in the land, on the mountains of Israel; and one king will be king over them all: and they will no longer be two nations, and will no longer be parted into two kingdoms:
 και δώσω αὐτούς εἰς ἕθνος ἐν ἐν τῇ γῆ μου και ἐν τοῖς ὄρεσιν ἰσραηλ και ἄρχον εἷς ἔσται αὐτῶν και οὐκ ἔσονται ἔτι εἰς δύο ἔθνη οὐδὲ μὴ διαιρεθῶσιν οὐκέτι εἰς δύο βασιλείας

- 23 Yo pa pral avili tèt yo ankò nan fè sèvis pou zidòl, nan fè bagay derespektan devan Bondye, nan fè sa yo pa t' gen dwa fè. M'ap delivre yo anba tout zidòl ki te fè yo vire do ban mwen an, ki te fè yo fè peche a. M'ap mete yo nan kondisyon pou yo ka sèvi m' ankò. Y'ap tounen yon pèp ki rele m' pa m'. Mwen menm, m'ap Bondye yo.
And they will no longer make themselves unclean with their images or with their hated things or with any of their sins: but I will give them salvation from all their turning away in which they have done evil, and will make them clean; and they will be to me a people, and I will be to them a God.
 ἵνα μὴ μιαινῶνται ἔτι ἐν τοῖς εἰδώλοις αὐτῶν καὶ ῥύσομαι αὐτούς ἀπὸ πασῶν τῶν ἀνομιῶν αὐτῶν ὧν ἡμάρτησαν ἐν αὐταῖς καὶ καθαριῶ αὐτούς καὶ ἔσονται μοι εἰς λαόν καὶ ἐγὼ κύριος ἔσομαι αὐτοῖς εἰς θεόν
- 24 Yon wa, tankou David, sèvitè m' lan, va chèf yo. Yo tout pral fè yonn anba yon sèl gadò. Y'a mache dapre lòd mwen ba yo, y'a fè tou sa mwen mande yo fè, y'a kenbe prensip mwen yo.
And my servant David will be king over them; and they will all have one keeper: and they will be guided by my orders and will keep my rules and do them.
 καὶ ὁ δοῦλός μου δαυὶδ ἄρχων ἐν μέσῳ αὐτῶν καὶ ποιμὴν εἷς ἔσται πάντων ὅτι ἐν τοῖς προστάγμασίν μου πορεύσονται καὶ τὰ κρίματά μου φυλάττονται καὶ ποιήσουσιν αὐτά
- 25 Y'ap rete nan peyi mwen te bay Jakòb, sèvitè m' lan, peyi kote zansèt yo te viv la. Yo pral viv la pou tout tan, yo menm, pitit yo ak pitit pitit yo pou tout tan. Se yon wa, tankou David, sèvitè m' lan, ki pral gouvènen yo pou tout tan gen tan.
And they will be living in the land which I gave to Jacob, my servant, in which your fathers were living; and they will go on living there, they and their children and their children's children, for ever: and David, my servant, will be their ruler for ever.
 καὶ κατοικήσουσιν ἐπὶ τῆς γῆς αὐτῶν ἣν ἐγὼ δέδωκα τῷ δούλῳ μου ἰακωβ οὗ κατέκησαν ἐκεῖ οἱ πατέρες αὐτῶν καὶ κατοικήσουσιν ἐπ' αὐτῆς αὐτοὶ καὶ δαυὶδ ὁ δοῦλός μου ἄρχων αὐτῶν ἔσται εἰς τὸν αἰῶνα
- 26 M'ap pase yon kontra ak yo k'ap garanti yo lavi ak kè poze pou tout tan. M'ap mete yo kanpe ankò, m'ap fè yo peple. M'ap fè kay ki apa pou mwen an toujou rete la nan mitan yo.
And I will make an agreement of peace with them: it will be an eternal agreement with them: and I will have mercy on them and make their numbers great, and will put my holy place among them for ever.
 καὶ διαθήσομαι αὐτοῖς διαθήκην εἰρήνης διαθήκη αἰωνία ἔσται μετ' αὐτῶν καὶ θήσω τὰ ἅγια μου ἐν μέσῳ αὐτῶν εἰς τὸν αἰῶνα
- 27 Se la m'ap viv avèk yo. Se mwen menm k'ap Bondye yo. Yo menm, se pèp ki rele m' pa m' lan y'ap ye.
And my House will be over them; and I will be to them a God, and they will be to me a people.
 καὶ ἔσται ἡ κατασκήνωσός μου ἐν αὐτοῖς καὶ ἔσομαι αὐτοῖς θεός καὶ αὐτοὶ μου ἔσονται λαός
- 28 Wi, m'a fè kay ki apa pou mwen an toujou rete la nan mitan yo. Lè sa a, lòt nasyon yo va konnen se mwen menm, Seyè a, ki te chwazi pèp Izrayèl la pou l' te ka viv apa pou mwen.
And the nations will be certain that I who make Israel holy am the Lord, when my holy place is among them for ever.
 καὶ γνώσονται τὰ ἔθνη ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ ἀγιάζων αὐτούς ἐν τῷ εἶναι τὰ ἅγια μου ἐν μέσῳ αὐτῶν εἰς τὸν αἰῶνα
- 1 ¶ Seyè a pale avè m' ankò. li di m' konsa:
And the word of the Lord came to me, saying,
 καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς με λέγων
- 2 -Nonm o! Vire tèt ou gade sa Gòg ap fè a. Se li ki pi gwo chèf moun Mechèk ak moun Toubal yo nan peyi Magòg. Bay mesaj mwen ba ou sou li a.
Son of man, let your face be turned against Gog, of the land of Magog, the ruler of Rosh, Meshech, and Tubal, and be a prophet against him,
 υἱὲ ἀνθρώπου στήρισον τὸ πρόσωπόν σου ἐπὶ γωγ καὶ τὴν γῆν τοῦ μαγωγ ἄρχοντα ῥως μοσοχ καὶ θοβελ καὶ προφήτευσον ἐπ' αὐτὸν
- 3 W'a di Gòg, pi gwo chèf moun Mechèk ak moun Toubal yo, men mesaj mwen menm, Seyè sèl Mèt la voye di li: Koulye a ou menm Gòg, m'ap leve dèyè ou.
And say, This is what the Lord has said: See, I am against you, O Gog, ruler of Rosh, Meshech, and Tubal:
 καὶ εἰπὸν αὐτῷ τάδε λέγει κύριος κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπὶ σὲ γωγ ἄρχοντα ῥως μοσοχ καὶ θοβελ
- 4 M'ap fè ou kase tèt tounen, m'ap mete bayonn nan machwè ou. M'ap trennen ou, ou menm ansanm ak tout lame sòlda ou yo, chwal ou yo ak kavalye ou yo, ak bèl inifòm yo sou yo. Yon gwo lame w'ap genyen lè sa a, chak sòlda ak nepe yo nan yon men ak yon gwo osinon yon ti plak fè pwotèj nan lòt men an.
And turning you round, I will put hooks in your mouth and make you come out with all your army, horses and horsemen, all of them in full war-dress, a great force with breastplate and body-cover, all of them armed with swords:
 καὶ συνάξω σε καὶ πᾶσαν τὴν δυνάμιν σου ἵππους καὶ ἵππους ἐνδεδυμένους θώρακας πάντας συναγωγὴ πολλή πέλται καὶ περικεφαλαῖαι καὶ μάχαιραι
- 5 Moun peyi Pès, moun peyi Letiopi ak moun peyi Pout ap mache avè ou. Yo tout gen gwo plak fè pwotèj sou ponyèt yo ak kas fè sou tèt yo.
Persia, Cush, and Put with them; all of them with body-cover and metal head-dress:
 πέρσαι καὶ αἰθίοπες καὶ λίβνες πάντες περικεφαλαῖαι καὶ πέλται
- 6 Tout sòlda peyi Gome yo, tout moun lavil Bèt-Togama ki nan nò nèt la, yo kanpe avè ou tou, ansanm ak kantite moun anpil lòt nasyon.
Gomer and all her forces; the people of Togarmah in the inmost parts of the north, with all his forces: a great number of peoples with you.
 γομερ καὶ πάντες οἱ περὶ αὐτὸν οἶκος τοῦ θεργαμα ἀπ' ἐσχάτου βορρᾶ καὶ πάντες οἱ περὶ αὐτὸν καὶ ἔθνη πολλὰ μετὰ σοῦ

- 7 Di l' konsa: Li mèt pare, li mèt pare tout sòlda l' yo ki sanble bò kote l' pou yo tann lòd mwen yo.
Be ready, make yourself ready, you and all the forces who are with you, and be ready for my orders.
 ετοιμάσθητι ετοιμάσον σεαυτὸν σὺ καὶ πᾶσα ἡ συναγωγὴ σου οἱ συνηγμένοι μετὰ σοῦ καὶ ἔση μοι εἰς προφυλακίην
- 8 Apre kèk tan m'ap ba li lòd pou l' al anvayi yon peyi kote moun ki te rive chape nan lagè yo te tounen soti nan peyi kote yo te depòte yo. Wi, li pral anvayi mòn peyi Izrayèl yo ki te rete pandan lontan tankou yon dezè. Men, moun peyi Izrayèl yo soti nan mitan moun lòt nasyon yo. Koulye a y'ap viv lakay yo ak kè poze, san ankenn danje.
After a long time you will get your orders: in the last years you will come into the land which has been given back from the sword, which has been got together out of a great number of peoples, on the mountains of Israel which have ever been a waste: but it has been taken out from the peoples and they will be living, all of them, without fear of danger.
 ἄφ' ἡμερῶν πλειόνων ετοιμασθήσεται καὶ ἐπ' ἐσχάτου ἐτῶν ἐλεύσεται καὶ ἦξει εἰς τὴν γῆν τὴν ἀπεστραμμένην ἀπὸ μαχαίρας συνηγμένων ἀπὸ ἐθνῶν πολλῶν ἐπὶ γῆν ἰσραηλ ἡ ἐγενήθη ἔρημος δι' ὄλου καὶ οὗτος ἐξ ἐθνῶν ἐξελέλυθεν καὶ κατοικήσουσιν ἐπ' εἰρήνης ἅπαντες
- 9 L'a moute vin atake yo ansanm ak tout lame li ak tout kantite moun lòt nasyon ki avè l' yo. L'ap tankou yon van tanpèt. L'ap kouvri tout peyi a tankou yon gwo nwaj.
And you will go up, you will come like a storm, you will be like a cloud covering the land, you and all your forces, and a great number of peoples with you.
 καὶ ἀναβήσῃ ὡς ὑετὸς καὶ ἦξεις ὡς νεφέλη κατακαλύψαι γῆν καὶ ἔση σὺ καὶ πάντες οἱ περὶ σὲ καὶ ἔθνη πολλὰ μετὰ σοῦ
- 10 Men sa Seyè sèl Mèt la voye di Gòg: Lè jou sa a va rive, lespri ou pral pran travay, ou pral fè move lide nan tèt ou.
This is what the Lord has said: In that day it will come about that things will come into your mind, and you will have thoughts of an evil design:
 τάδε λέγει κύριος κύριος καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἀναβήσεται ῥήματα ἐπὶ τὴν καρδίαν σου καὶ λογίη λογισμοὺς πονηροῦς
- 11 Ou pral decide pou ou anvayi yon peyi san defans, kote moun ap viv ak kè poze, san bri san kont, kote moun rete nan lavil san miray ranpa, san pòtay ni ba fè.
And you will say, I will go up to the land of small unwallèd towns; I will go to those who are quiet, living, all of them, without fear of danger, without walls or locks or doors:
 καὶ ἔρεῖς ἀναβήσομαι ἐπὶ γῆν ἀπερριμμένην ἦξω ἐπὶ ἡσυχάζοντας ἐν ἡσυχίᾳ καὶ οἰκοῦντας ἐπ' εἰρήνης πάντας κατοικοῦντας γῆν ἐν ἣ ὄχ ὑπάρχει τεῖχος οὐδὲ μογλοὶ καὶ θύραι οὐκ εἰσὶν αὐτοῖς
- 12 Ou pral piye, ou pral devalize, ou pral pran tou sa moun yo genyen nan lavil ki te fin kraze yon lè a. Moun sa yo tounen soti nan peyi kote yo te depòte yo. Koulye a, yo gen anpil bèt ak anpil byen, y'ap viv nan gran kalfou latè a.
To take their property by force and go off with their goods; turning your hand against the waste places which now are peopled, and against the people who have been got together out of the nations, who have got cattle and goods for themselves, who are living in the middle of the earth.
 προνομεῦσαι προνομήν καὶ σκυλεῦσαι σκύλα αὐτῶν τοῦ ἐπιστρέψαι χεῖρά σου εἰς τὴν ἡρημωμένην ἢ κατωκίσθη καὶ ἐπ' ἔθνος συνηγμένον ἀπὸ ἐθνῶν πολλῶν πεποιηκότας κτήσεις κατοικοῦντας ἐπὶ τὸν ὄμφαλὸν τῆς γῆς
- 13 Moun peyi Cheba ak moun peyi Dedan ansanm ak kòmèsan ki soti nan peyi Tasis yo ak lòt peyi nan vwazinaj yo pral mande ou: Eske se pou ou pran tou sa moun yo genyen kifè ou vin atake yo la a? Eske se pou piye ou sanble tout lame sa a? Eske ou soti pou devalize tou sa yo genyen ki fèt an lò ak an ajan, pou ou pran bèt yo ak byen yo, lèfini pou ou bwote tou sa ou pran al lakay ou?
Sheba, and Dedan and her traders, Tarshish with all her traders, will say to you, Have you come to take our goods? have you got your armies together to take away our property by force? to take away silver and gold, cattle and goods, to go off with great wealth?
 σαβα καὶ δαϊδαν καὶ ἔμποροι καρχηδόνοι καὶ πᾶσαι αἱ κῶμαι αὐτῶν ἐροῦσιν σοι εἰς προνομήν τοῦ προνομεῦσαι σὺ ἔρχῃ καὶ σκυλεῦσαι σκύλα συνήγαγες συναγωγὴν σου λαβεῖν ἀργύριον καὶ χρυσίον ἀπενέγκασθαι κτήσιν τοῦ σκυλεῦσαι σκύλα
- 14 ¶ Se poutèt sa, nonm o, bay mesaj mwen an! Ale di Gòg konsa men sa mwen menm Seyè sèl Mèt la voye di li: Koulye a pèp Izrayèl la, pèp mwen an, ap viv ak kè poze san ankenn danje, se lè sa a wava bay kò ou mouvman.
For this cause, son of man, be a prophet and say to Gog, These are the words of the Lord: In that day, when my people Israel are living without fear of danger, will you not be moved against them?
 διὰ τοῦτο προφήτευσον υἱὲ ἀνθρώπου καὶ εἰπὸν τῷ γωγ τάδε λέγει κύριος οὐκ ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐν τῷ κατοικισθῆναι τὸν λαόν μου ἰσραηλ ἐπ' εἰρήνης ἐγενεθήσῃ
- 15 W'ap kite kote ou ye a, nan pwent nò a, w'ap vini ak yon gwo lame sòlda ou ranmase nan mitan anpil nasyon, yo tout moute sou chwal yo.
And you will come from your place in the inmost parts of the north, you and a great number of peoples with you, all of them on horseback, a great force and a strong army:
 καὶ ἦξεις ἐκ τοῦ τόπου σου ἀπ' ἐσχάτου βορρᾶ καὶ ἔθνη πολλὰ μετὰ σοῦ ἀναβάται ἵππων πάντες συναγωγὴ μεγάλη καὶ δύναμις πολλή
- 16 Ou pral tonbe sou pèp Izrayèl mwen an tankou yon van tanpèt k'ap pase sou tout peyi a. Lè lè a va rive, m'ap voye ou anvayi peyi mwen an pou m' ka fè lòt nasyon yo konnen ki moun mwen ye, pou yo rekonèt se yon Bondye apa mwen ye lè y'a wè travay ou menm Gòg, ou pral fè pou mwen an.
And you will come up against my people Israel, like a cloud covering the land; and it will come about, in the last days, that I will make you come against my land, so that the nations may have knowledge of me when I make myself holy in you, O Gog, before their eyes.
 καὶ ἀναβήσῃ ἐπὶ τὸν λαόν μου ἰσραηλ ὡς νεφέλη καλύψαι γῆν ἐπ' ἐσχάτων τῶν ἡμερῶν ἔσται καὶ ἀνάξω σε ἐπὶ τὴν γῆν μου ἵνα γνώσιν πάντα τὰ ἔθνη ἐμὲ ἐν τῷ ἀγιασθῆναι με ἐν σοὶ ἐνώπιον αὐτῶν

- 17 Se sou ou mwen t'ap pale nan tan lontan lè mwen te sèvi ak pwofèt pèp Izrayèl yo, sèvitè m' yo, pou m' te fè yo konnen mwen gen pou m' te voye yon moun vin atake yo lè jou a va vini. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.
 This is what the Lord has said: You are he of whom I gave them word in earlier times by my servants, the prophets of Israel, who in those days went on saying, year after year, that I would make you come up against them.
 τότε λέγει κύριος κύριος τῷ γωγ σὺ εἶ περὶ οὗ ἐλάλησα πρὸ ἡμερῶν τῶν ἔμπροσθεν διὰ χειρὸς τῶν δούλων μου προφητῶν τοῦ Ἰσραὴλ ἐν ταῖς ἡμέραις ἐκείναις καὶ ἔτεσιν τοῦ ἀγαγεῖν σε ἐπ' αὐτούς
- 18 Seyè sèl Mèt la pale, li di konsa: -Jou Gòg pral anvayi peyi Izrayèl la, kòlè m' ap moute m'.
 And it will come about in that day, when Gog comes up against the land of Israel, says the Lord, that my wrath will come up, and my passion and my bitter feeling.
 καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐν ἡμέρᾳ ἣ ἂν ἔλθῃ γωγ ἐπὶ τὴν γῆν τοῦ Ἰσραὴλ λέγει κύριος κύριος ἀναβήσεται ὁ θυμὸς μου
- 19 M'ap fè gwo kòlè, m'ap move. Mwen sèmannte jou sa a, pral gen yon sèl tranblemanntè nan peyi Izrayèl la.
 For in the fire of my wrath I have said, Truly, in that day there will be a great shaking in the land of Israel;
 καὶ ὁ ζῆλός μου ἐν πυρὶ τῆς ὀργῆς μου ἐλάλησα εἰ μὴν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἔσται σεισμὸς μέγας ἐπὶ γῆς Ἰσραὴλ
- 20 Pwenson nan lanmè, zwezo nan syèl, bèt nan bwa, bèt k'ap trennen sou vant, tout moun ki rete sou latè pral tranble paske y'ap pè m'. Mòn yo pral anfale, falèz yo pral vide desann. Tout miray yo pral tonbe atè.
 So that the fish of the sea and the birds of heaven and the beasts of the field and everything moving on the earth, and all the men who are on the face of the earth, will be shaking before me, and the mountains will be overturned and the high places will come down, and every wall will come falling down to the earth.
 καὶ σεισθήσονται ἀπὸ προσώπου κυρίου οἱ ἰχθύες τῆς θαλάσσης καὶ τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ καὶ τὰ θηρία τοῦ πεδίου καὶ πάντα τὰ ἔρπετὰ τὰ ἔρποντα ἐπὶ τῆς γῆς καὶ πάντες οἱ ἄνθρωποι οἱ ἐπὶ προσώπου τῆς γῆς καὶ ῥαγήσεται τὰ ὄρη καὶ πεσοῦνται αἱ φάραγγες καὶ πᾶν τεῖχος ἐπὶ τὴν γῆν πεσεῖται
- 21 Mwen pral voye tout kalite malè sou Gòg pou fè li pè. Se mwen menm Seyè a ki pale. Sòlda li yo, yonn pral touye lòt ak nepe yo.
 And I will send to all my mountains for a sword against him, says the Lord: every man's sword will be against his brother.
 καὶ καλέσω ἐπ' αὐτὸν πᾶν φόβον λέγει κύριος μάχαира ἀνθρώπου ἐπὶ τὸν ἀδελφὸν αὐτοῦ ἔσται
- 22 M'ap pini l', m'ap voye maladi sou li, m'ap mete san l' deyò. Mwen pral voye gwo lapli avèk lagrèl, dife ak souf sou li, sou lame li a ak sou tout nasyon ki kanpe avè l' yo.
 And I will take up my cause against him with disease and with blood; and I will send down on him and on his forces and on the peoples who are with him, an overflowing shower and great icedrops, fire, and burning.
 καὶ κρινῶ αὐτὸν θανάτῳ καὶ αἵματι καὶ ὑετῷ κατακλύζοντι καὶ λίθοις χαλάζης καὶ πῦρ καὶ θεῖον βρέξω ἐπ' αὐτὸν καὶ ἐπὶ πάντας τοὺς μετ' αὐτοῦ καὶ ἐπ' ἔθνη πολλὰ μετ' αὐτοῦ
- 23 Se konsa m'ap fè tout nasyon yo konnen jan mwen gen pouwa, jan mwen se yon Bondye apa. Lè sa a, m'a fè tout nasyon yo konnen se mwen menm ki Seyè a.
 And I will make my name great and make myself holy, and I will make myself clear to a number of nations; and they will be certain that I am the Lord.
 καὶ μεγαλυνθήσομαι καὶ ἁγιασθήσομαι καὶ ἐνδοξασθήσομαι καὶ γνωσθήσομαι ἐναντίον ἔθνῶν πολλῶν καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος
- 1 ¶ Seyè sèl Mèt la di ankò: -Nonm o! Bay mesaj mwen ba ou sou Gòg la. Wi, di li men mesaj mwen menm, Seyè sèl Mèt la, m' voye ba li: Ou menm Gòg, pi gwo chèf moun Mechèk ak moun Toubal yo, m' pral leve deyè ou tou.
 And you, son of man, be a prophet against Gog, and say, These are the words of the Lord: See, I am against you, O Gog, ruler of Rosh, Meshech, and Tubal:
 καὶ σὺ υἱὲ ἀνθρώπου προφήτευσον ἐπὶ γωγ καὶ εἰπὸν τότε λέγει κύριος ἰδοὺ ἐγὼ ἐπὶ σὲ γωγ ἄρχοντα ῥως μοσοχ καὶ θοβελ
- 2 M'ap fè ou pran yon lòt direksyon, m'ap fè ou soti nan pwent nò a, m'ap mennen ou sou mòn Izrayèl yo.
 And turning you round, I will be your guide, and make you come up from the inmost parts of the north; I will make you come on to the mountains of Israel:
 καὶ συνάξω σε καὶ καθοδηγήσω σε καὶ ἀναβιβῶ σε ἀπ' ἐσχάτου τοῦ βορρᾶ καὶ ἀνάξω σε ἐπὶ τὰ ὄρη τοῦ Ἰσραὴλ
- 3 Lè sa a, m'ap kraze bwa banza ki nan men gòch ou a. M'ap fè flèch yo soti tonbe nan men dwat ou.
 And with a blow I will send your bow out of your left hand and your arrows falling from your right hand.
 καὶ ἀπολῶ τὸ τόξον σου ἀπὸ τῆς χειρὸς σου τῆς ἀριστερᾶς καὶ τὰ τοξεύματά σου ἀπὸ τῆς χειρὸς σου τῆς δεξιᾶς καὶ καταβαλῶ σε
- 4 Ou menm Gòg, ansanm ak tout lame ou la ak tout lòt pèp k'ap mache avè ou yo, nou pral mouri sou mòn peyi Izrayèl la. M'ap kite kadav nou sèvi manje pou malfini karanklou, pou tout kalite zwezo ak bèt nan bwa.
 On the mountains of Israel you will come down, you and all your forces and the peoples who are with you: I will give you to cruel birds of every sort and to the beasts of the field to be their food.
 ἐπὶ τὰ ὄρη Ἰσραὴλ καὶ πεσῆ σὺ καὶ πάντες οἱ περὶ σέ καὶ τὰ ἔθνη τὰ μετὰ σοῦ δοθήσονται εἰς πλήθη ὀρνέων παντὶ πετεινῷ καὶ πᾶσι τοῖς θηρίοις τοῦ πεδίου δέδωκά σε καταβρωθῆναι
- 5 Nou pral mouri nan plenn yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki pale.
 You will come down in the open field: for I have said it, says the Lord.
 ἐπὶ προσώπου τοῦ πεδίου πεσῆ ὅτι ἐγὼ ἐλάλησα λέγει κύριος

- 6 M'ap voye yon sèl dife nan peyi Magòg ak nan tout peyi bò lanmè kote moun t'ap viv san bri san kont lan. Tout moun va konnen se mwen menm ki Seyè a.
And I will send a fire on Magog, and on those who are living in the sea-lands without fear: and they will be certain that I am the Lord.
καὶ ἀποστελῶ πῦρ ἐπὶ γῶγ καὶ κατοικηθήσονται αἱ νῆσοι ἐπ' εἰρήνης καὶ γνώσονται ὅτι ἐγώ εἰμι κύριος
- 7 Mwen pral fè tout moun nan pèp Izrayèl la konnen mwen gen yon non apa. Mwen p'ap kite yo trennen non mwen nan labou ankò. Lè sa a nasyon yo va konnen mwen menm, Seyè a, ki Bondye pèp Izrayèl la, se yon Bondye apa mwen ye.
And I will make clear my holy name among my people Israel; I will no longer let my holy name be made unclean: and the nations will be certain that I am the Lord, the Holy One in Israel.
καὶ τὸ ὄνομά μου τὸ ἅγιον γνωσθήσεται ἐν μέσῳ λαοῦ μου Ἰσραὴλ καὶ οὐ βεβηλωθήσεται τὸ ὄνομά μου τὸ ἅγιον οὐδέτι καὶ γνώσονται τὰ ἔθνη ὅτι ἐγώ εἰμι κύριος ἅγιος ἐν Ἰσραὴλ
- 8 ¶ Seyè sèl Mèt la di ankò: -Wè pa wè, jou mwen t'ap pale a gen pou rive. Sa se sèten.
See, it is coming and it will be done, says the Lord; this is the day of which I have given word.
ἰδοὺ ἔρχεται καὶ γνώση ὅτι ἔσται λέγει κύριος κύριος αὕτη ἐστὶν ἡ ἡμέρα ἐν ἣ ἔλαλθα
- 9 Lè sa a, moun ki rete nan lavil peyi Izrayèl yo pral soti, yo pral ranmase dènye zam moun yo te kite, y'ap boule yo. Y'ap limen gwo boukan ak plak pwotèj yo, gwo kou piti, ak banza ak tout flèch yo, ak frenn yo, ak baton yo. Boukan an ap pran sètan pou l' boule.
And those who are living in the towns of Israel will go out and make fires of the instruments of war, burning the body-covers and the breastplates, the bows and the arrows and the sticks and the spears, and for seven years they will make fires of them:
καὶ ἐξελεύσονται οἱ κατοικοῦντες τὰς πόλεις Ἰσραὴλ καὶ καύσουσιν ἐν τοῖς ὅπλοις πέλταις καὶ κοντοῖς καὶ τόξοις καὶ τοξεύμασιν καὶ ῥάβδοις χειρῶν καὶ λόγχαις καὶ καύσουσιν ἐν αὐτοῖς πῦρ ἑπτὰ ἔτη
- 10 Yo p'ap bezwen al chache bwa nan jaden pou fè dife, ni yo p'ap bezwen al koupe pyebwa nan rak, paske yo pral gen tout zam sa yo pou yo boule fè dife. Yo pral piye moun ki t'ap piye yo. Yo pral devalize moun ki t'ap devalize yo. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.
And they will take no wood out of the field or have any cut down in the woods; for they will make their fires of the instruments of war: and they will take by force the property of those who took their property, and go off with the goods of those who took their goods, says the Lord.
καὶ οὐ μὴ λάβωσιν ξύλα ἐκ τοῦ πεδίου οὐδὲ μὴ κόψωσιν ἐκ τῶν δρυμῶν ἀλλ' ἢ τὰ ὅπλα κατακαύσουσιν πυρὶ καὶ προνομεύσουσιν τοὺς προνομεύσαντας αὐτοὺς καὶ σκυλεύσουσιν τοὺς σκυλεύσαντας αὐτοὺς λέγει κύριος
- 11 Seyè di ankò: -Lè sa a, m'a bay Gòg yon kote nan peyi Izrayèl la pou yo antere l'. Se va Fon Vwayajè yo, sou bò solèy leve lèt bò lanmè Mouri a. Se la yo pral antere Gòg ansanm ak tout lame li a. Y'a rele l' Fon lame Gòg la.
And it will come about in those days, that I will give to Gog a last resting-place there in Israel, in the valley of Abarim on the east of the sea: and those who go through will be stopped: and there Gog and all his people will be put to rest, and the place will be named, The valley of Hamon-gog.
καὶ ἔσται ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ δώσω τῷ γῶγ τόπον ὀνομαστόν μνημεῖον ἐν Ἰσραὴλ τὸ πολυάνδριον τῶν ἐπελθόντων πρὸς τῇ θαλάσῃ καὶ περιοικοδομήσουσιν τὸ περιστόμιον τῆς φάραγγος καὶ κατοροῦ ξουσιν ἐκεῖ τὸν γῶγ καὶ πᾶν τὸ πλῆθος αὐτοῦ καὶ κληθήσεται τὸ γαί τὸ πολυάνδριον τοῦ γῶγ
- 12 Moun Izrayèl yo pral pran sèt mwa pou yo antere tout kadav yo, anvan pou peyi a nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye ankò.
And the children of Israel will be seven months putting them in the earth, so as to make the land clean.
καὶ κατορύξουσιν αὐτοὺς οἶκος Ἰσραὴλ ἵνα καθαρισθῇ ἡ γῆ ἐν ἑπταμήνῳ
- 13 Tout moun nan peyi a pral mete men pou antere yo. Konsa tou, jou y'ap fè lwanj pou mwen an, y'a nonmen non yo tou. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
And all the people of the land will put them in the earth; and it will be to their honour in the day when I let my glory be seen, says the Lord.
καὶ κατορύξουσιν αὐτοὺς πᾶς ὁ λαὸς τῆς γῆς καὶ ἔσται αὐτοῖς εἰς ὄνομαστόν ἡ ἡμέρα ἐδοξάσθη λέγει κύριος
- 14 Apre sèt mwa sa yo, y'a chwazi gason pou vwayaje nan tout peyi a al chache kadav ki rete atè a pou yo antere yo. Se travay sa a ase y'a gen pou yo fè. Konsa, y'a mete peyi a nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò.
And they will put on one side men to do no other work but to go through the land and put in the earth the rest of those who are still on the face of the land, to make it clean: after seven months are ended they are to make a search.
καὶ ἄνδρας διὰ παντὸς διαστελοῦσιν ἐπιπορευομένους τὴν γῆν θάψαι τοὺς καταλειμμένους ἐπὶ προσώπου τῆς γῆς καθαρίσαι αὐτὴν μετὰ τὴν ἑπταμήνον καὶ ἐκζητήσουσιν
- 15 Nan vwayaj y'ap fè nan tout peyi a, chak fwa y'a jwenn yon zosman moun, y'a mete yon mak bò kote l' pou kwòkmò yo ka vin pran l' pou y' al antere l' nan Fon lame Gòg la.
And while they go through the land, if anyone sees a man's bone, he is to put up a sign by the place till those who are doing the work have put it in the earth in the valley of Hamon-gog.
καὶ πᾶς ὁ διαπορευόμενος τὴν γῆν καὶ ἰδὼν ὄστουν ἀνθρώπου οἰκοδομήσει παρ' αὐτὸ σημεῖον ἕως ὅτου θάψωσιν αὐτὸ οἱ θάπτοντες εἰς τὸ γαί τὸ πολυάνδριον τοῦ γῶγ
- 16 Va gen yon lavil toupre, y'a rele l': Amona Fon lame a. Se konsa peyi a va nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen ankò.
And there they will put all the army of Gog in the earth. So they will make the land clean.
καὶ γὰρ τὸ ὄνομα τῆς πόλεως πολυάνδριον καὶ καθαρισθήσεται ἡ γῆ

- 17 Seyè sèl Mèt la di ankò: -Nonm o! Rele tout kalite zwezo ak tout kalite bèt nan bwa. Fè yo soti toupatou nan vwazinaj la pou yo sanble vin manje bèt mwen pare pou m' touye pou yo a. Pral gen yon gwo fèt sou mòn Izrayèl yo, kote yo pral manje vyann, kote yo pral bwè san.
 And you, son of man, this is what the Lord has said: Say to the birds of every sort and to all the beasts of the field, Get together and come; come together on every side to the offering which I am putting to death for you, a great offering on the mountains of Israel, so that you may have flesh for your food and blood for your drink.
 και σύ υἱὲ ἀνθρώπου εἰπὸν τὰδε λέγει κύριος εἰπὸν παντὶ ὄρνεφ πετεινῷ και πρὸς πάντα τὰ θηρία τοῦ πεδίου συνάχθητε και ἔρχεσθε συνάχθητε ἀπὸ πάντων τῶν περικύκλω ἐπὶ τὴν θυσίαν μου ἣν τέθηκα ὑμῖν θυσίαν μεγάλην ἐπὶ τὰ ὄρη ἰσραὴλ και φάγεσθε κρέα και πίεσθε αἷμα
- 18 Y'a manje vyann vanyan sòlda yo, y'a bwè san chèf latè yo. Moun sa yo, yo tankou belye mouton, ti mouton, bouk kabrit ak towo chatre byen gra peyi Bazan yo touye pou mwen.
 The flesh of the men of war will be your food, and your drink the blood of the princes of the earth, of sheep and lambs, of he-goats, of oxen, all of them fat beasts of Bashan.
 κρέα γιγάντων φάγεσθε και αἷμα ἀρχόντων τῆς γῆς πίεσθε κριούς και μόσχους και τράγους και οἱ μόσχοι ἐστεατωμένοι πάντες
- 19 Lè m'a fin touye tout moun sa yo tankou lè y'ap fè ofrann bèt pou mwen, zwezo yo ak bèt nan bwa yo va manje grès vyann mezi yo kapab. Y'a bwè san jouk yo sou.
 You will go on feasting on the fat till you are full, and drinking the blood till you are overcome with it, of my offering which I have put to death for you.
 και φάγεσθε στέαρ εἰς πληρομένην και πίεσθε αἷμα εἰς μέθην ἀπὸ τῆς θυσίας μου ἧς ἔθυσσα ὑμῖν
- 20 Sou tab mwen an, y'a manje chwal, kavalye, sòlda ak moun k'ap fè lagè mezi yo kapab. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
 At my table you will have food in full measure, horses and war-carriages, great men and all the men of war, says the Lord.
 και ἐμπλησθήσεσθε ἐπὶ τῆς τραπέζης μου ἵππον και ἀναβάτην γίγαντα και πάντα ἄνδρα πολέμιστήν λέγει κύριος
- 21 Seyè a di ankò: -M'ap fè nasyon yo wè gwo pounwa mwen. M'ap moutre yo jan mwen konn pini lè m'a pini yo, y'a santi fòs ponyèt mwen lè y'a tonbe anba men m'.
 And I will put my glory among the nations, and all the nations will see my punishments which I have put into effect, and my hand which I have put on them.
 και δώσω τὴν δόξαν μου ἐν ὑμῖν και δύνονται πάντα τὰ ἔθνη τὴν κρίσιν μου ἣν ἐποίησα και τὴν χεῖρά μου ἣν ἐπήγαγον ἐπ' αὐτούς
- 22 Depi lè sa a, jouk byen lontan apre sa, moun pèp Izrayèl yo va konnen se mwen menm Seyè a ki Bondye yo.
 So the children of Israel will be certain that I am the Lord their God, from that day and for the future.
 και γνώσονται οἶκος ἰσραὴλ ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς αὐτῶν ἀπὸ τῆς ἡμέρας ταύτης και ἐπέκεινα
- 23 ¶ Tout lòt nasyon yo va konnen se paske moun pèp Izrayèl yo pa t' kenbe pawòl yo te gen avè m' lan kifè yo te depòte yo. Se poutèt sa, mwen te vire do ba yo, mwen te lage yo nan men lènmi yo pou touye yo nan lagè.
 And it will be clear to the nations that the children of Israel were taken away prisoners for their evil-doing; because they did wrong against me, and my face was covered from them: so I gave them up into the hands of their attackers, and they all came to their end by the sword.
 και γνώσονται πάντα τὰ ἔθνη ὅτι διὰ τὰς ἀμαρτίας αὐτῶν ἠχμαλωτεύθησαν οἶκος ἰσραὴλ ἀνθ' ὧν ἠθέτησαν εἰς ἐμέ και ἀπέστρεψα τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτῶν και παρέδωκα αὐτούς εἰς χεῖρας τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν και ἔπεσαν πάντες μαχαίρᾳ
- 24 Mwen te ba yo sa yo te merite pou mehanste yo ak tout vye bagay derespektan yo te fè yo. Mwen vire do ba yo.
 In the measure of their unclean ways and their sins, so I did to them; and I kept my face covered from them.
 κατὰ τὰς ἀκαθαρσίας αὐτῶν και κατὰ τὰ ἀνομήματα αὐτῶν ἐποίησα αὐτοῖς και ἀπέστρεψα τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτῶν
- 25 Apre sa, Seyè sèl Mèt la di ankò: -Koulye a, mwen pral gen pitye pou pitit pitit Jakòb yo, pou pèp Izrayèl la. M'ap mete yo kanpe ankò. M'ap defann repitasyon non mwen an ki yon non apa.
 For this cause the Lord has said, Now I will let the fate of Jacob be changed, and I will have mercy on all the children of Israel, and will take care of the honour of my holy name.
 διὰ τοῦτο τὰδε λέγει κύριος κύριος νῦν ἀποστρέψω τὴν αἰχμαλωσίαν ἰακωβ και ἐλεήσω τὸν οἶκον ἰσραὴλ και ζηλώσω διὰ τὸ ὄνομα τὸ ἅγιόν μου
- 26 Lè y'a vin rete ankò nan peyi yo a san ankenn danje ni malè, san pesonn pou fè yo pè, y'a bliye jan moun te konn fè yo wont, jan yo pa t' kenbe pawòl yo avè m' pou y' al fè sa ki mal.
 And they will be conscious of their shame and of all the wrong which they have done against me, when they are living in their land with no sense of danger and with no one to be a cause of fear to them;
 και λήμψονται τὴν ἀτιμίαν ἑαυτῶν και τὴν ἀδικίαν ἣν ἠδίκησαν ἐν τῷ κατοικισθῆναι αὐτούς ἐπὶ τὴν γῆν αὐτῶν ἐπ' εἰρήνης και οὐκ ἔσται ὁ ἐκφοβῶν
- 27 M'ap fè pèp mwen an soti nan mitan lòt nasyon yo pou yo tounen lakay yo. M'ap mache ranmase yo nan tout peyi kote lènmi yo ap viv. Lè m'a fè sa pou yo anpil nasyon va wè se yon Bondye apa mwen ye.
 When I have taken them back from among the peoples and got them together out of the lands of their haters, and have made myself holy in them before the eyes of a great number of nations.
 ἐν τῷ ἀποστρέψαι με αὐτούς ἐκ τῶν ἔθνῶν και συναγαγεῖν με αὐτούς ἐκ τῶν χωρῶν τῶν ἔθνῶν και ἁγιασθῆσομαι ἐν αὐτοῖς ἐνώπιον τῶν ἔθνῶν

- 28 Lè sa a, pèp mwen an va konnen se mwen menm, Seyè a, ki Bondye yo. Wi, mwen te fè depòte yo nan mitan lòt nasyon. Koulye a, m'ap ranmase yo, m'ap mete yo ansanm ankò nan peyi pa yo a, san mwen pa kite yonn dèyè.
And they will be certain that I am the Lord their God, because I sent them away as prisoners among the nations, and have taken them together back to their land; and I have not let one of them be there any longer.
καὶ γνώσονται ὅτι ἐγὼ εἰμι κύριος ὁ θεὸς αὐτῶν ἐν τῷ ἐπιφανῆναί με αὐτοῖς ἐν τοῖς ἔθνεσιν
- 29 Mwen p'ap janm vire do ba yo ankò paske m'ap voye lespri m' sou pèp Izrayèl la. Se Seyè sèl Mèt la ki di sa.
And my face will no longer be covered from them: for I have sent the out-flowing of my spirit on the children of Israel, says the Lord.
καὶ οὐκ ἀποστρέψω οὐκέτι τὸ πρόσωπόν μου ἀπ' αὐτῶν ἀθ' ὃ ἔξεχεα τὸν θυμὸν μου ἐπὶ τὸν οἶκον ἰσραηλ λέγει κύριος κύριος
- 1 ¶ Nan dizyèm jou premye mwa vennsenkyèm lanne depi yo te depòte nou an, ki vle di katòzan, jou pou jou, depi yo te fin kraze lavil Jerizalèm lan, mwen santi pouvwa Seyè a sou mwen. Li pran m', li mennen m' ale.
In the twenty-fifth year after we had been taken away prisoners, in the first month of the year, on the tenth day of the month, in the fourteenth year after the town was taken, on the very same day, the hand of the Lord was on me, and he took me there.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ πέμπτῳ καὶ εἰκοστῷ ἔτει τῆς αἰχμαλωσίας ἡμῶν ἐν τῷ πρώτῳ μηνὶ δεκάτῃ τοῦ μηνὸς ἐν τῷ τεσσαρεσκαίδεκάτῳ ἔτει μετὰ τὸ ἀλῶναι τὴν πόλιν ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἐγένετο ἐπ' ἐμὲ χ εἰρ κυρίου καὶ ἦγαγέν με
- 2 Nan yon vizyon, mwen wè li mennen m' nan peyi Izrayèl la. Li mete m' kanpe sou yon mòn byen wo. Mwen wè devan m' sou bò sid la yon bann kay bati ou ta di yon lavil.
In the visions of God he took me into the land of Israel, and put me down on a very high mountain, on which there was, as it seemed, a building like a town opposite me.
ἐν ὁράσει θεοῦ εἰς τὴν γῆν τοῦ ἰσραηλ καὶ ἔθηκέν με ἐπ' ὄρους ὑψηλοῦ σφόδρα καὶ ἐπ' αὐτοῦ ὡσεὶ οἰκοδομὴ πόλεως ἀπέναντι
- 3 Li fè m' pwoche. Lè sa a, mwen wè yon nonm ki te klere tankou kwiv. Li te kenbe nan men l' yon kòdon tou blan ak yon règ pou mezire. Li te kanpe bò yon pòtay.
He took me there, and I saw a man, looking like brass, with a linen cord in his hand and a measuring rod: and he was stationed in the doorway.
καὶ εἰσήγαγέν με ἐκεῖ καὶ ἰδοὺ ἀνὴρ καὶ ἦ ὄρασις αὐτοῦ ἦν ὡσεὶ ὄρασις χαλκοῦ στύβοντος καὶ ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ ἦν σπαρτίον οἰκοδόμων καὶ κάλαμος μέτρου καὶ αὐτὸς εἰστήκει ἐπὶ τῆς πύλης
- 4 Nonm lan di m' konsa: -Nonm o! Klere je ou gade. Louvri zòrèy ou gran pou ou koute. Mete tèt ou anplas pou ou wè tou sa mwen pral moutre ou la a. Se pou sa menm yo mennen ou isit la. Paske, ou gen pou ou fè moun pèp Izrayèl yo konnen tou sa ou pral wè.
And the man said to me, Son of man, see with your eyes and give hearing with your ears, and take to heart everything I am going to let you see; for in order that I might let you see them, you have come here: and give an account of all you see to the children of Israel.
καὶ εἶπεν πρὸς με ὁ ἀνὴρ ἐώρακας νῆ ἄνθρώπου ἐν τοῖς ὀφθαλμοῖς σου ἰδὲ καὶ ἐν τοῖς ὠσίν σου ἄκουε καὶ τάξον εἰς τὴν καρδίαν σου πάντα ὅσα ἐγὼ δεικνύω σοι διότι ἔνεκα τοῦ δεῖξαι σοι εἰσελήλυθ ας ὧδε καὶ δεῖξεις πάντα ὅσα σὺ ὄρῃς τῷ οἴκῳ τοῦ ἰσραηλ
- 5 ¶ Sa m' te wè a se te tanp lan. Te gen yon gwo miray ki te fè wonn li nèt. Nonm lan te gen nan men l' yon règ pou mezire ki te gen dis pye longè. Li mezire miray la. Miray la te gen dis pye wotè, dis pye lajè.
And there was a wall on the outside of the house all round, and in the man's hand there was a measuring rod six cubits long by a cubit and a hand's measure: so he took the measure of the building from side to side, one rod; and from base to top, one rod.
καὶ ἰδοὺ περίβολος ἔξωθεν τοῦ οἴκου κύκλῳ καὶ ἐν τῇ χειρὶ τοῦ ἀνδρὸς κάλαμος τὸ μέτρον πηχῶν ἕξ ἐν πήχει καὶ παλαιστῆς καὶ διεμέτρησεν τὸ προτεῖχισμα πλάτος ἴσον τῷ καλᾶμῳ καὶ τὸ ὕψος αὐτοῦ ὅ ἴσον τῷ καλᾶμῳ
- 6 Apre sa, li ale nan pòtay ki bay sou solèy leve a. Li moute mach eskalye yo. Lè li rive anwo, li mezire papòt pòtay la. Li jwenn dis pye fondè.
Then he came to the doorway looking to the east, and went up by its steps; and he took the measure of the doorstep, one rod wide.
καὶ εἰσῆλθεν εἰς τὴν πύλην τὴν βλέπουσαν κατὰ ἀνατολὰς ἐν ἑπτὰ ἀναβαθμοῖς καὶ διεμέτρησεν τὸ αἰλαμ τῆς πύλης ἴσον τῷ καλᾶμῳ
- 7 Apre pòtay la, te gen yon gwo koridò avèk sis chanm pou gad yo, twa chak bò. Chak chanm yo te kare kare, dis pye lajè, dis pye longè. Miray ki te separe chanm yo te gen wit pye lajè. Apre chanm yo, koridò a lonje sou dis pye ankò, li te mennen nan yon gwo pyès ki te bay sou Tanp lan.
And the watchmen's rooms were one rod long and one rod wide; and the space between the rooms was five cubits; the doorstep of the doorway, by the covered way of the doorway inside, was one rod.
καὶ τὸ θεε ἴσον τῷ καλᾶμῳ τὸ μήκος καὶ ἴσον τῷ καλᾶμῳ τὸ πλάτος καὶ τὸ αἰλαμ ἀνὰ μέσον τοῦ θαιηλαθα πηχῶν ἕξ καὶ τὸ θεε τὸ δεῦτερον ἴσον τῷ καλᾶμῳ τὸ πλάτος καὶ ἴσον τῷ καλᾶμῳ τὸ μήκος κ αὶ τὸ αἰλαμ πήχεων πέντε
- 8 Li mezire gwo pyès chanm sa a.
And he took the measure of the covered way of the doorway inside,
καὶ τὸ θεε τὸ τρίτον ἴσον τῷ καλᾶμῳ τὸ πλάτος καὶ ἴσον τῷ καλᾶμῳ τὸ μήκος

- 9 Li jwenn li te gen katòz pye longè. Chanm sa a te nan bout koridò a ki te pi pre Tanp lan. Miray la te gen kat pye lajè nan bout sa a.
Eight cubits; and its uprights, two cubits; the covered way of the doorway was inside.
καὶ τὸ αἶλαμ τοῦ πυλῶνος πλησίον τοῦ αἶλαμ τῆς πύλης πηχῶν ὀκτώ καὶ τὰ αἶλευ πηχῶν δύο καὶ τὸ αἶλαμ τῆς πύλης ἔσωθεν
- 10 Te gen twa chanm gad chak bò koridò ki bay sou solèy leve a. Tout chanm yo te menm fòs. Miray ki te separe pyès yo yo yonn ak lòt te gen menm lajè.
And the rooms of the doorway on the east were three on this side and three on that; all three were of the same size; and the uprights on this side and on that were of the same size.
καὶ τὰ θεε τῆς πύλης θεε κατέναντι τρεῖς ἔνθεν καὶ τρεῖς ἔνθεν καὶ μέτρον ἐν τοῖς τρισίν καὶ μέτρον ἐν τοῖς αἶλαμ ἔνθεν καὶ ἔνθεν
- 11 Apre sa, nonm lan mezire longè koridò a anba pòtay la. Li jwenn sèz pye. Li mezire lajè koridò a, li jwenn vennde pye.
And he took the measure of the opening of the doorway, ten cubits wide; and the way down the doorway was thirteen cubits;
καὶ διεμέτρησεν τὸ πλάτος τῆς θύρας τοῦ πυλῶνος πηχῶν δέκα καὶ τὸ εὖρος τοῦ πυλῶνος πηχῶν δέκα τριῶν
- 12 Devan chak chanm gad yo, te gen yon ti mi tou ba ki te gen vin pous wotè, vin pous lajè. Chanm yo menm te kare kare anndan, dis pye longè, dis pye lajè.
And the space in front of the rooms, a cubit on this side and a cubit on that side; and the rooms six cubits on this side and six cubits on that.
καὶ πήχυς ἐπισυναγόμενος ἐπὶ πρόσωπον τῶν θεῖμ ἔνθεν καὶ ἔνθεν καὶ τὸ θεε πηχῶν ἕξ ἔνθεν καὶ πηχῶν ἕξ ἔνθεν
- 13 Lèfini, li mezire distans ant miray dèyè yon chanm ale nan miray dèyè chanm ki anfas li lòt bò koridò a, li jwenn karannde pye. Pòt chanm yo te bay fas pou fas.
And he took the measure of the doorway from the back of one room to the back of the other, twenty-five cubits across, from door to door.
καὶ διεμέτρησεν τὴν πύλην ἀπὸ τοῦ τοίχου τοῦ θεε ἐπὶ τὸν τοῖχον τοῦ θεε πλάτος πήχεις εἴκοσι πέντε αὕτη πύλη ἐπὶ πύλην
- 14 Gwo chanm ki te nan bout koridò a te louvri sou yon lakou. Li mezire lajè chanm lan, li jwenn tranngat pye.
And he took the measure of the covered way, twenty cubits; and opening from the covered way of the doorway was the open square round about.
καὶ τὸ αἶθριον τοῦ αἶλαμ τῆς πύλης ἐξήκοντα πήχεις εἴκοσι θεῖμ τῆς πύλης κύκλω
- 15 Li mezire longè koridò a, depi miray pòtay la sou deyò rive nan bout dènye gwo chanm lan, li jwenn katrevenkat pye.
And from before the opening of the doorway to before the inner covered way of the doorway was fifty cubits.
καὶ τὸ αἶθριον τῆς πύλης ἔξωθεν εἰς τὸ αἶθριον αἶλαμ τῆς πύλης ἔσωθεν πηχῶν πενήκοντα
- 16 Te gen fennèt ak griyaj nan mi ki bay sou deyò chak chanm yo, ak nan mi ki separe chanm yo. Yo te fè pòtre pye palmis sou fasad miray separasyon yo ki bay sou koridò a.
And the rooms and their uprights had sloping windows inside the doorway all round, and in the same way the covered way had windows all round on the inside: and on every upright there were palm-trees.
καὶ θυρίδες κρυπταὶ ἐπὶ τὰ θεῖμ καὶ ἐπὶ τὰ αἶλαμ ἔσωθεν τῆς πύλης τῆς αὐλῆς κυκλόθεν καὶ ὡσαύτως τοῖς αἶλαμ θυρίδες κύκλω ἔσωθεν καὶ ἐπὶ τὸ αἶλαμ φοίνικες ἔνθεν καὶ ἔνθεν
- 17 Nonm lan fè m' pase nan gwo lakou deyò a. Te gen trant chanm yo te bati fè wonn lakou a. Do chanm yo te kole ak gwo miray ki te fèmen lakou a. Tout lakou a te pave nèt depi devan pòt chanm yo.
Then he took me into the outer square, and there were rooms and a stone floor made for the open square all round: there were thirty rooms on the stone floor.
καὶ εἰσήγαγέ με εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἐσωτέραν καὶ ἰδοὺ παστοφόρια καὶ περίστυλα κύκλω τῆς αὐλῆς τριάκοντα παστοφόρια ἐν τοῖς περιστύλοις
- 18 Gwo lakou a te pi ba pase ti lakou anndan an.
And the stone floor was by the side of the doorways, and was as wide as the doorways were long, even the lower floor.
καὶ αἰ στοαὶ κατὰ νότου τῶν πυλῶν κατὰ τὸ μήκος τῶν πυλῶν τὸ περίστυλον τὸ ὑποκάτω
- 19 Te gen yon pòtay yon ti jan pi wo ki bay sou lakou anndan an. Nonm lan mezire depi sou pòtay deyò a rive nan pòtay anndan an. Li jwenn sanswasantwit pye.
Then he took the measure of the square across, from before the lower doorway inside to before the inner doorway outside, one hundred cubits. And he took me in the direction of the north,
καὶ διεμέτρησεν τὸ πλάτος τῆς αὐλῆς ἀπὸ τοῦ αἰθρίου τῆς πύλης τῆς ἐξωτέρας ἔσωθεν ἐπὶ τὸ αἶθριον τῆς πύλης τῆς βλεπούσης ἔξω πήχεις ἑκατόν τῆς βλεπούσης κατ' ἀνατολὰς καὶ εἰσήγαγέ με ἐπὶ β ορράν
- 20 Lèfini, nonm lan al mezire pòtay kote ou pase antre nan gwo lakou a lè ou sot sou bò nò. Li pran longè l' ak lajè l'.
And there was a doorway to the outer square, looking to the north; and he took the measure of it to see how wide and how long it was.
καὶ ἰδοὺ πύλη βλέπουσα πρὸς βορράν τῇ αὐλῇ τῇ ἐξωτέρᾳ καὶ διεμέτρησεν αὐτὴν τό τε μήκος αὐτῆς καὶ τὸ πλάτος
- 21 Twa chanm gad yo ki sou chak bò koridò a, miray ki separe yo a, ak dènye gwo chanm ki bay sou anndan an, yo tout te gen menm mezi ak sa li te jwenn pou pòtay ki bay sou solèy leve a. Koridò mitan an te gen katrevenkat pye longè sou karannde pye lajè.
And it had three rooms on this side of it and three on that; its uprights and its covered ways were the same size as those of the first doorway: it was fifty cubits long and twenty-five cubits wide.
καὶ τὰ θεε τρεῖς ἔνθεν καὶ τρεῖς ἔνθεν καὶ τὰ αἶλευ καὶ τὰ αἶλαμμο καὶ τοὺς φοίνικας αὐτῆς καὶ ἐγένετο κατὰ τὰ μέτρα τῆς πύλης τῆς βλεπούσης κατὰ ἀνατολὰς πηχῶν πενήκοντα τὸ μήκος αὐτῆς καὶ ἰ πηχῶν εἴκοσι πέντε τὸ εὖρος αὐτῆς

- 22 Dènye gwo chann lan, fennèt yo, ak pòtre pye palmis te tankou sa li jwenn pou pòtay bò solèy leve a. Te gen sèt macheskalye ki moute devan pòtay nò a. Gwo chann lan te nan bout koridò a ki bay sou gwo lakou a.
And its windows, and the windows of its covered ways, and its palm-trees, were the same as those of the doorway looking to the east; and there were seven steps up to it; and the covered way went inside.
καὶ αἱ θυρίδες αὐτῆς καὶ τὰ αἰλαμμοὶ καὶ οἱ φοίνικες αὐτῆς καθὼς ἡ πύλη ἢ βλέπουσα κατὰ ἀνατολὰς καὶ ἐν ἑπτὰ κλιμακτῆρσιν ἀνέβαινον ἐπ' αὐτήν καὶ τὰ αἰλαμμοὶ ἔσωθεν
- 23 Lòt bò gwo lakou a, devan koridò nò a, te gen yon lòt pòtay ki bay sou ti lakou anndan an, menm jan ak sou bò solèy leve a. Nonm lan mezire distans ant de pòtay yo, li jwenn sanswasantwit pye tou.
And there was a doorway to the inner square opposite the doorway on the north, like the doorway on the east; and he took the measure from doorway to doorway, a hundred cubits.
καὶ πύλη τῆ αὐλῆ τῆ ἐσωτέρᾳ βλέπουσα ἐπὶ πύλην τοῦ βορρᾶ ὃν τρόπον τῆς πύλης τῆς βλεπούσης κατὰ ἀνατολὰς καὶ διεμέτρησεν τὴν αὐλὴν ἀπὸ πύλης ἐπὶ πύλην πῆχεις ἑκατόν
- 24 Apre sa, nonm lan mennen m' sou bò sid la. La tou, mwen wè yon lòt pòtay pou antre nan gwo lakou a. Li mezire l', li te tankou lòt pòtay yo.
And he took me to the south, and I saw a doorway looking to the south: and he took the measure of its rooms and its uprights and its covered ways by these measures.
καὶ ἤγαγόν με κατὰ νότον καὶ ἰδοὺ πύλη βλέπουσα πρὸς νότον καὶ διεμέτρησεν αὐτήν καὶ τὰ θεε καὶ τὰ αἰλευ καὶ τὰ αἰλαμμοὶ κατὰ τὰ μέτρα ταῦτα
- 25 Te gen fennèt nan chann gad yo, tankou lòt yo. Koridò pasaj la te gen katrevenkat pye longè sou karannde pye lajè.
And there were windows in it and in the covered way all round, like the other windows: it was fifty cubits long and twenty-five cubits wide.
καὶ αἱ θυρίδες αὐτῆς καὶ τὰ αἰλαμμοὶ κυκλόθεν καθὼς αἱ θυρίδες τοῦ αἰλαμοῦ πηχῶν πενήτηκοντα τὸ μήκος αὐτῆς καὶ πηχῶν εἴκοσι πέντε τὸ εὖρος αὐτῆς
- 26 Te gen sèt macheskalye ki moute devan pòtay la sou deyò. Dènye gwo chann lan te nan bout koridò a ki bay sou gwo lakou a. Te gen pòtre pye palmis sou fasad miray ki bay sou koridò a.
And there were seven steps up to it, and its covered way went inside: and it had palm-trees, one on this side and one on that, on its uprights.
- 11 Y'ap toujou sèvi m' nan Tanp lan. Se yo menm ki pral reskonsab veye pòtay Tanp lan, se yo ki pral fè tout kalite ti travay ki pou fèt nan Tanp lan. Se yo ki pral touye bèt pèp la va vin ofri pou boule nèt nan dife ak pou lòt kalite ofrann. Se yo ki pral la pou sèvi pèp la.
But they may be caretakers in my holy place, and overseers at the doors of the house, doing the work of the house: they will put to death the burned offering and the beasts offered for the people, and they will take their place before them as their servants.
καὶ ἔσονται ἐν τοῖς ἁγίοις μου λειτουργοῦντες θυρωροὶ ἐπὶ τῶν πυλῶν τοῦ οἴκου καὶ λειτουργοῦντες τῷ οἴκῳ οὗτοι σφάζουσιν τὰ ὀλοκαυτώματα καὶ τὰς θυσίας τῷ λαῷ καὶ οὗτοι στήσονται ἐναντίον τοῦ λαοῦ τοῦ λειτουργεῖν αὐτοῖς
- 12 Tansèlman, paske yo te asepte fè sèvis pou pèp la devan zidòl yo, paske, lè yo fè sa, yo pòte pèp la tonbe pi rèd nan fè peche, mwen menm, Seyè sèl Mèt la, mwen fè sèman, m'ap pini yo pou sa yo fè a.
Because they did this work for them before their images, and became a cause of sin to the children of Israel; for this cause my hand has been lifted up against them, says the Lord, and their punishment will be on them.
ἀνθ' ὧν ἐλειτούργουν αὐτοῖς πρὸ προσώπου τῶν εἰδώλων αὐτῶν καὶ ἐγένετο τῷ οἴκῳ ἰσραηλ εἰς κόλασιν ἀδικίας ἕνεκα τούτου ἦρα τὴν χεῖρά μου ἐπ' αὐτούς λέγει κύριος ὁ θεός
- 13 Yo pa gen dwa pwoche kote m' pou sèvi m' prèt ankò, ni yo pa gen dwa pwoche bò nenpòt bagay yo mete apa pou mwen, ni antre nan kote yo mete apa nèt pou mwen an. Men pinisyon m'ap ba yo pou tout vye bagay derespektan yo te fè a.
And they will not come near me to do the work of priests to me, or come near any of my holy things, or the things which are most holy: but their shame will be on them, and the punishment for the disgusting things which they have done.
καὶ οὐκ ἐγγισθεὶς πρὸς με τοῦ ἱερατεύειν μοι οὐδὲ τοῦ προσάγειν πρὸς τὰ ἅγια υἱῶν τοῦ ἰσραηλ οὐδὲ πρὸς τὰ ἅγια τῶν ἁγίων μου καὶ λήμψονται ἀτιμίαν αὐτῶν ἐν τῇ πλανήσει ἢ ἐπλανήθησαν
- 14 M'ap ba yo lòt travay pou yo fè nan tanp lan. M'ap mete yo reskonsab tout kalite travay k'ap fèt nan Tanp lan.
But I will make them responsible for the care of the house and all its work and everything which is done in it.
καὶ κατατάξουσιν αὐτοὺς φυλάσσειν φυλακὰς τοῦ οἴκου εἰς πάντα τὰ ἔργα αὐτοῦ καὶ εἰς πάντα ὅσα ἂν ποιήσωσιν
- 15 Seyè sèl Mèt la di m' ankò: -Prèt ki fè pati branch fanmi Levi a men ki soti nan fanmi Zadòk la te toujou fè travay yo byen san melanj nan Tanp lan, lè tout rès pèp Izrayèl la menm te vire do ban mwen. Se poutèt sa, se yo menm ase ki ka pwoche vin fè sèvis pou mwen. Se yo menm ki gen dwa kanpe devan m' pou ofri m' grès ak san bèt yo touye pou mwen yo.
But as for the priests, the sons of Zadok, who took care of my holy place when the children of Israel were turned away from me, they are to come near me to do my work, they will take their places before me, offering to me the fat and the blood, says the Lord;
οἱ ἱερεῖς οἱ λευῖται οἱ υἱοὶ τοῦ σαδδουκ οἵτινες ἐφυλάξαντο τὰς φυλακὰς τῶν ἁγίων μου ἐν τῷ πλανᾶσθαι οἶκον ἰσραηλ ἀπ' ἐμοῦ οὗτοι προσάξουσιν πρὸς με τοῦ λειτουργεῖν μοι καὶ στήσονται πρὸ προσώπου μου τοῦ προσφέρειν μοι θυσίαν στέαρ καὶ αἷμα λέγει κύριος ὁ θεός
- 16 Se yo menm ase ki pou antre nan Tanp mwen an, ki pou sèvi devan lotèl mwen an, ki pou fè sèvis pou mwen nan Tanp lan.
They are to come into my holy place and they are to come near to my table, to do my work and have the care of my house.
οὗτοι εἰσελεύσονται εἰς τὰ ἅγια μου καὶ οὗτοι προσελεύσονται πρὸς τὴν τράπεζάν μου τοῦ λειτουργεῖν μοι καὶ φυλάξουσιν τὰς φυλακὰς μου
- 17 ¶ Lè y'a antre nan pòtay ti lakou anndan Tanp lan, y'a mete rad fèt ak twal fin blan. Lè y'ap sèvi nan ti lakou anndan an osinon nan Tanp lan, yo pa fèt pou yo gen anyen fèt ak lenn sou yo.
And when they come in by the doorways of the inner square, they are to be clothed in linen robes; there is to be no wool on them while they are doing my work in the doorway of the inner square and inside the house.
καὶ ἔσται ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαι αὐτοὺς τὰς πύλας τῆς αὐλῆς τῆς ἐσωτέρας στολὰς λινᾶς ἐνδύσονται καὶ οὐκ ἐνδύσονται ἐρεᾶ ἐν τῷ λειτουργεῖν αὐτοὺς ἀπὸ τῆς πύλης τῆς ἐσωτέρας αὐλῆς
- 18 Konsa, yo p'ap janm swe. Y'ap mare tèt yo ak gwo mouchwa fèt ak twal fin blan. Y'ap mete pantalon fèt ak twal fin blan san sentiwon.
They are to have linen head-dresses on their heads and linen trousers on their legs, and they are to have nothing round them to make their skin wet with heat.
καὶ κιδάρεις λινᾶς ἔξουσιν ἐπὶ ταῖς κεφαλαῖς αὐτῶν καὶ περισκελίῃ λινᾶ ἔξουσιν ἐπὶ τὰς ὀσφύας αὐτῶν καὶ οὐ περιζώσονται βία

- 19 Anvan yo soti nan gwo lakou a, kote pèp la ye a, se pou yo wete rad ki te sou yo lè yo te desèvis nan tanp lan. Y'a kite yo nan pyès yo mete apa pou sa a. Y'a mete lòt rad òdinè sou yo pou rad seremoni yo pa fè malè tonbe sou pèp la.
 And when they go out into the outer square to the people, they are to take off the robes in which they do the work of priests, and put them away in the holy rooms, and put on other clothing, so that the people may not be made holy by their robes.
 και ἐν τῷ ἔκπορεύεσθαι αὐτοὺς εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἑξωτέραν πρὸς τὸν λαὸν ἐκδύσονται τὰς στολὰς αὐτῶν ἐν αἷς αὐτοὶ λειτουργοῦσιν ἐν αὐταῖς καὶ θήσουσιν αὐτὰς ἐν ταῖς ἐξέδραις τῶν ἁγίων καὶ ἐνδύσονται στολὰς ἑτέρας καὶ οὐ μὴ ἁγιάσωσιν τὸν λαὸν ἐν ταῖς στολαῖς αὐτῶν
- 20 Prèt yo pa gen dwa kale fèt yo, ni se pa pou yo kite cheve yo vin twò long. Se pou yo toujou taye cheve yo.
 They are not to have all the hair cut off their heads, and they are not to let their hair get long, but they are to have the ends of their hair cut.
 καὶ τὰς κεφαλὰς αὐτῶν οὐ ξυρήσονται καὶ τὰς κόμας αὐτῶν οὐ ψιλώσουσιν καλύπτοντες καλύψουσιν τὰς κεφαλὰς αὐτῶν
- 21 Prèt yo pa gen dwa bwè diven jou pou yo antre nan ti lakou anndan an.
 The priests are not to take wine when they go into the inner square.
 καὶ οἶνον οὐ μὴ πῖωσιν πᾶς ἱερεὺς ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαι αὐτοὺς εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἐσωτέραν
- 22 Prèt yo pa gen dwa marye ak yon vèv osinon yon madanm divòse. Se pou yo marye ak yon jenn fi nan ras moun Izrayèl yo. Tansèlman, y'a gen dwa marye ak vèv yon prèt parèy yo.
 And they are not to take as wives any widow or woman whose husband has put her away; but they may take virgins of the seed of Israel, or a widow who is the widow of a priest.
 καὶ χήραν καὶ ἐκβεβλημένην οὐ λήμψονται ἑαυτοῖς εἰς γυναῖκα ἀλλ' ἢ παρθένον ἐκ τοῦ σπέρματος ἰσραὴλ καὶ χήρα ἐὰν γένηται ἐξ ἱερέως λήμψονται
- 23 Prèt yo va moutre pèp mwen an diferans ki genyen ant sa yo mete apa pou sèvis mwen ak sa yo pa mete apa pou sèvis mwen, ant sa ki nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen ak sa ki pa nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen.
 And they are to make clear to my people the division between what is holy and what is common, and to give them the knowledge of what is clean and what is unclean.
 καὶ τὸν λαόν μου διδάξουσιν ἀνὰ μέσον ἁγίου καὶ βεβήλου καὶ ἀνὰ μέσον ἀκαθάρτου καὶ καθαροῦ γνωριοῦσιν αὐτοῖς
- 24 Lè yon moun gen kont ak yon lòt, se prèt yo ki va jije yo dapre sa ki nan lalwa mwen an. Se yo ki pou òganize tout fèt mwen yo dapre lòd ak regleman mwen bay. Jou repo m' yo, yo pa gen dwa fè ankenn travay.
 In any cause, they are to be in the position of judges, judging in harmony with my decisions: they are to keep my laws and my rules in all my fixed feasts; and they are to keep my Sabbaths holy.
 καὶ ἐπὶ κρίσιν αἵματος οὗτοι ἐπιστήσονται τοῦ διακρίνειν τὰ δικαιώματά μου δικαιώσουσιν καὶ τὰ κρίματά μου κρινοῦσιν καὶ τὰ νόμμά μου καὶ τὰ προστάγματά μου ἐν πάσαις ταῖς ἑορταῖς μου φυλάξονται καὶ τὰ σάββατά μου ἁγιάσουσιν
- 25 Prèt yo pa fèt pou pwoche bò kadav moun mouri pou sa pa mete yo nan kondisyon yo pa ka fè sèvis pou mwen. Tansèlman, yo gen dwa pwoche bò kadav papa yo, manman yo, pitit fi yo, pitit gason yo, frè yo osinon yon sè yo depi sè a pa marye.
 They are not to come near any dead person so as to become unclean; but for a father or mother or son or daughter or brother or for a sister who has no husband, they may make themselves unclean.
 καὶ ἐπὶ ψυχὴν ἀνθρώπου οὐκ εἰσελεύσονται τοῦ μιανθῆναι ἀλλ' ἢ ἐπὶ πατρὶ καὶ ἐπὶ μητρὶ καὶ ἐπὶ υἱῷ καὶ ἐπὶ θυγατρὶ καὶ ἐπὶ ἀδελφῷ καὶ ἐπὶ ἀδελφῇ αὐτοῦ ἢ οὐ γέγονεν ἀνδρὶ μιανθήσεται
- 26 Apre l'a fin fè sèvis pou mete l' nan kondisyon ankò pou sèvi m', se pou l' tann sèt jou.
 And after he has been made clean, seven days are to be numbered for him.
 καὶ μετὰ τὸ καθαρισθῆναι αὐτὸν ἑπτὰ ἡμέρας ἐξαριθμήσει αὐτῷ
- 27 Apre sa, jou l'a gen pou l' pran sèvis nan Tanp lan, l'a antre nan ti lakou anndan an, l'a fè ofrann pou mande Bondye padon pou peche l' yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
 And on the day when he goes into the inner square, to do the work of the holy place, he is to make his sin-offering, says the Lord.
 καὶ ἢ ἂν ἡμέρᾳ εἰσπορεύωνται εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἐσωτέραν τοῦ λειτουργεῖν ἐν τῷ ἁγίῳ προσοίσουσιν ἰλασμόν λέγει κύριος ὁ θεός
- 28 Prèt yo pa gen ankenn pòsyon tè ki rele yo pa yo. Se mwen menm ki tout yo. Yo p'ap gen anyen nan peyi mwen bay pèp Izrayèl la k'ap rele yo pa yo. Se sèvis y'ap fè pou mwen an ki tout yo.
 And they are to have no heritage; I am their heritage: you are to give them no property in Israel; I am their property.
 καὶ ἔσται αὐτοῖς εἰς κληρονομίαν ἐγὼ κληρονομία αὐτοῖς καὶ κατάσχεσις αὐτοῖς οὐ δοθήσεται ἐν τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ ὅτι ἐγὼ κατάσχεσις αὐτῶν
- 29 Se yo ki va manje ofrann grenn jaden yo ak vyann bèt yo touye pou mande Bondye padon, ak vyann bèt yo touye pou repare sa pèp la fè ki mal. Tou sa y'a mete apa pou mwen, se pou yo la ye.
 Their food is to be the meal offering and the sin-offering and the offering for error; and everything given specially to the Lord in Israel will be theirs.
 καὶ τὰς θυσίας καὶ τὰ ὑπὲρ ἁμαρτίας καὶ τὰ ὑπὲρ ἀγνοίας οὗτοι φάγονται καὶ πᾶν ἀφόρισμα ἐν τῷ ἰσραὴλ αὐτοῖς ἔσται

- 30 Tou sa ki pi bon nan premye rekòt nou yo, tou sa n'a pran angajman pou ofri ban mwen, ak tout lòt ofrann n'a fè, se pou prèt yo y'a ye. Chak fwa n'ap kwit pen, se pou nou bay prèt yo premye pen an tankou ofrann, konsa benediksyon mwen va chita lakay nou.
And the best of all the first-fruits of everything, and every offering which is lifted up of all your offerings, will be for the priests: and you are to give the priest the first of your bread-making, so causing a blessing to come on your house.
ἀπαρχαὶ πάντων καὶ τὰ πρωτότοκα πάντων καὶ τὰ ἀφαιρέματα πάντα ἐκ πάντων τῶν ἀπαρχῶν ὑμῶν τοῖς ἱερεῦσιν ἔσται καὶ τὰ πρωτογενήματα ὑμῶν δώσετε τῷ ἱερεῖ τοῦ θείναι εὐλογίας ὑμῶν ἐπὶ τοῖς οἴκοις ὑμῶν
- 31 Prèt yo pa gen dwa manje ankenn bèt, kit se zwezo, kit se lòt bèt, ki mouri mò natirèl osinon bèt nan bwa devore.
The priests may not take for food any bird or beast which has come to a natural death or whose death has been caused by another animal.
καὶ πᾶν θνησιμαῖον καὶ θηριώλωτον ἐκ τῶν πετεινῶν καὶ ἐκ τῶν κτηνῶν οὐ φάγονται οἱ ἱερεῖς
- 1 ¶ Lè n'a separe peyi a pou nou bay chak branch fanmi pa yo, se pou nou kite yon pòsyon n'a mete apa nèt pou Seyè a. Pòsyon tè sa a va gen douz kilomèt edmi longè sou dis kilomèt lajè. Tout zòn lan va rete apa nèt pou Seyè a.
And when you are making a distribution of the land, by the decision of the Lord, for your heritage, you are to make an offering to the Lord of a part of the land as holy: it is to be twenty-five thousand long and twenty thousand wide: all the land inside these limits is to be holy.
καὶ ἐν τῷ καταμετρεῖσθαι ὑμᾶς τὴν γῆν ἐν κληρονομίᾳ ἀφοριεῖτε ἀπαρχὴν τῷ κυρίῳ ἅγιον ἀπὸ τῆς γῆς πέντε καὶ εἴκοσι χιλιάδας μῆκος καὶ εὔρος εἴκοσι χιλιάδας ἅγιον ἔσται ἐν πᾶσι τοῖς ὁρίοις αὐτοῦ ὃ κυκλόθεν
- 2 Sou pòsyon tè sa a va gen yon anplasman kare kare pou Tanp lan. L'a gen witsankarant (840) pye chak bò, ak yon espas katrevenkat pye lajè k'ap rete vid san anyen sou li toutotou anplasman an.
Of this, a square five hundred long and five hundred wide is to be for the holy place, with a space of fifty cubits all round it.
καὶ ἔσται ἐκ τούτου εἰς ἅγιασμα πεντακόσιοι ἐπὶ πεντακοσίους τετράγωνον κυκλόθεν καὶ πήχεις πεντήκοντα διάστημα αὐτῷ κυκλόθεν
- 3 N'a separe pòsyon tè Seyè a an de moso menm gwo, chak moso va gen douz kilomèt edmi longè sou senk kilomèt lajè. Se nan premye mwatye a n'a chwazi anplasman pou bati Tanp lan, kay yo mete apa nèt pou Seyè a.
And of this measure, let a space be measured, twenty-five thousand long and ten thousand wide: in it there will be the holy place, even the most holy.
καὶ ἐκ ταύτης τῆς διαμετρήσεως διαμετρήσεις μῆκος πέντε καὶ εἴκοσι χιλιάδας καὶ εὔρος δέκα χιλιάδας καὶ ἐν αὐτῇ ἔσται τὸ ἅγιασμα ἅγια τῶν ἁγίων
- 4 Se pòsyon sa a n'a kite apa nèt pou Seyè a. Se li ki va pou prèt yo k'ap sèvi kote ki apa pou Bondye a epi k'ap fè sèvis pou Seyè a nan Tanp lan. Se sou li y'a bati kay yo. Se la y'a chwazi anplasman pou Tanp lan.
This holy part of the land is to be for the priests, the servants of the holy place, who come near to the Lord to do his work; it is to be a place for their houses and for grass-land and for cattle.
ἀπὸ τῆς γῆς ἔσται τοῖς ἱερεῦσιν τοῖς λειτουργοῦσιν ἐν τῷ ἁγίῳ καὶ ἔσται τοῖς ἐγγίζουσι λειτουργεῖν τῷ κυρίῳ καὶ ἔσται αὐτοῖς τόπος εἰς οἶκους ἀφορισμένους τῷ ἁγιασμῷ αὐτῶν
- 5 Lòt mwatye a ki gen douz kilomèt edmi longè sou senk kilomèt lajè tou va rete pou moun Levi yo k'ap travay nan Tanp lan. Se la y'a bati kay pou yo rete.
A space of land twenty-five thousand long and ten thousand wide is to be for the Levites, the servants of the house, a property for themselves, for towns for their living-places.
εἴκοσι καὶ πέντε χιλιάδες μῆκος καὶ εὔρος δέκα χιλιάδες ἔσται τοῖς λευίταις τοῖς λειτουργοῦσιν τῷ οἴκῳ αὐτοῖς εἰς κατάσχεσιν πόλεις τοῦ κατοικεῖν
- 6 Tou kole ak pòsyon tè Bondye a, n'a wete yon lòt pòsyon ki va gen douz kilomèt edmi longè, de kilomèt edmi lajè. Se la n'a bay pou bati kay kote nenpòt moun nan pèp Izrayèl la ka rete.
And as the property for the town you are to have a part five thousand wide and twenty-five thousand long, by the side of the offering of the holy part of the land: this is to be for all the children of Israel.
καὶ τὴν κατάσχεσιν τῆς πόλεως δώσεις πέντε χιλιάδας εὔρος καὶ μῆκος πέντε καὶ εἴκοσι χιλιάδας ὃν τρόπον ἢ ἀπαρχὴ τῶν ἁγίων παντὶ οἴκῳ ἰσραηλ ἔσονται
- 7 Y'a wete yon pòsyon tè pou wa a tou. L'ap an de moso, yonn sou bò solèy kouche adwat pòsyon tè Seyè a ak pòsyon pou lavil la, ale nan direksyon lanmè ki sèvi fwontyè sou bò solèy kouche a, yon lòt sou bò solèy leve agoch pòsyon tè Seyè a ak pòsyon pou lavil la, ale nan direksyon fwontyè ki sou bò solèy leve a. Antou, l'ap menm gwo ak pòsyon tè yo bay chak branch fanmi pèp Izrayèl la.
And for the ruler there is to be a part on one side and on the other side of the holy offering and of the property of the town, in front of the holy offering and in front of the property of the town on the west of it and on the east: measured in the same line as one of the parts of the land, from its limit on the west to its limit on the east of the land.
καὶ τῷ ἡγουμένῳ ἐκ τούτου καὶ ἀπὸ τούτου εἰς τὰς ἀπαρχὰς τῶν ἁγίων εἰς κατάσχεσιν τῆς πόλεως κατὰ πρόσωπον τῶν ἀπαρχῶν τῶν ἁγίων καὶ κατὰ πρόσωπον τῆς κατασχέσεως τῆς πόλεως τὰ πρὸς θάλασσαν καὶ ἀπὸ τῶν πρὸς θάλασσαν πρὸς ἀνατολὰς καὶ τὸ μῆκος ὡς μία τῶν μερίδων ἀπὸ τῶν ὁρίων τῶν πρὸς θάλασσαν καὶ τὸ μῆκος ἐπὶ τὰ ὄρια τὰ πρὸς ἀνατολὰς τῆς γῆς
- 8 Se pòsyon tè sa a y'a bay wa a nan peyi Izrayèl la pou rele l' pa l'. Konsa, li p'ap bezwen peze pèp mwen an ankò. L'a kite rès peyi a pou branch fanmi pèp Izrayèl la.
And this will be his heritage in Israel: and my rulers will no longer be cruel masters to my people; but they will give the land as a heritage to the children of Israel by their tribes.
καὶ ἔσται αὐτῷ εἰς κατάσχεσιν ἐν τῷ ἰσραηλ καὶ οὐ καταδυναστεύσουσιν οὐκέτι οἱ ἀφηγούμενοι τοῦ ἰσραηλ τὸν λαόν μου καὶ τὴν γῆν κατακληρονομήσουσιν οἴκος ἰσραηλ κατὰ φυλὰς αὐτῶν

- 9 ¶ Seyè sèl Mèt la pale ankò, li di konsa: -Nou menm, chèf peyi Izrayèl la, nou fè kont peche nou. Sispann maltrete moun, sispann pran sa ki pa pou nou. Fè sa ki dwat, pa fè lenjistis. Pa mete pèp la deyò sou tè ki pou li a. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di nou sa.
This is what the Lord has said: Let this be enough for you, O rulers of Israel: let there be an end of violent behaviour and wasting; do what is right, judging uprightly; let there be no more driving out of my people, says the Lord.
τάδε λέγει κύριος θεός ικανούσθω ὑμῖν οἱ ἀφηγοῦμενοι τοῦ ἰσραηλ ἀδικίαν καὶ ταλαιπωρίαν ἀφέλεσθε καὶ κρίμα καὶ δικαιοσύνην ποιήσατε ἐξάρατε καταδυναστείαν ἀπὸ τοῦ λαοῦ μου λέγει κύριος θ εός
- 10 Se pou tout moun sèvi ak bon pwa, ak bon mezi san madou.
Have true scales and a true ephah and a true bath.
ζυγὸς δίκαιος καὶ μέτρον δίκαιον καὶ χοῖνιξ δικαία ἔστω ὑμῖν
- 11 Mezi efa ki sèvi pou grenn yo fèt pou gen menm valè ak mezi bat ki sèvi pou likid yo. Gwo mezi a se omè a. Sa ban nou yon omè egal dis efa, egal dis bat.
The ephah and the bath are to be of the same measure, so that the bath is equal to a tenth of a homer, and the ephah to a tenth of a homer: the unit of measure is to be a homer.
τὸ μέτρον καὶ ἡ χοῖνιξ ὁμοίως μία ἔσται τοῦ λαμβάνειν τὸ δέκατον τοῦ γομορ ἢ χοῖνιξ καὶ τὸ δέκατον τοῦ γομορ τὸ μέτρον πρὸς τὸ γομορ ἔσται ἴσον
- 12 Pou pwa yo, n'a gen vin gera egal yon chekèl, swasant chekèl egal yon mina.
And the shekel is to be twenty gerahs: five shekels are five, and ten shekels are ten, and your maneh is to be fifty shekels
καὶ τὸ στάθμιον εἴκοσι ὀβολοὶ οἱ πέντε σίκλοι πέντε καὶ οἱ δέκα σίκλοι δέκα καὶ πενήκοντα σίκλοι ἡ μνᾶ ἔσται ὑμῖν
- 13 ¶ Men ki jan n'a mezire ofrann nou yo. Pou ble a, n'a bay yon mezi pou chak swasant mezi nou rekòlte. Pou lòj la, n'a bay yon mezi pou chak swasant mezi nou rekòlte.
This is the offering you are to give: a sixth of an ephah out of a homer of wheat, and a sixth of an ephah out of a homer of barley;
καὶ αὕτη ἡ ἀπαρχὴ ἣν ἀφοριεῖτε ἕκτον τοῦ μέτρου ἀπὸ τοῦ γομορ τοῦ πυροῦ καὶ τὸ ἕκτον τοῦ οἴφι ἀπὸ τοῦ κόρου τῶν κριθῶν
- 14 Pou lwil oliv la, n'a bay yon mezi pou chak san mezi lwil pye oliv yo bay. N'a mezire lwil la ak mezi bat la: dis bat pou yon omè, osinon pou yon kò.
And the fixed measure of oil is to be a tenth of a bath from the cor, for ten baths make up the cor;
καὶ τὸ πρόσταγμα τοῦ ἐλαίου κοτύλην ἐλαίου ἀπὸ δέκα κοτυλῶν ὅτι αἱ δέκα κοτύλαι εἰσὶν γομορ
- 15 Pou mouton yo, n'a bay yonn pou chak desan (200) mouton yon fanmi genyen. Se pou nou fè ofrann grenn jaden yo, ofrann bèt pou yo boule nèt, ak ofrann bèt pou yo touye pou di mèsì, pou Bondye ka padonnen peche nou yo. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki bay lòd sa a.
And one lamb from the flock out of every two hundred, from all the families of Israel, for a meal offering and for a burned offering and for peace-offerings, to take away their sin, says the Lord.
καὶ πρόβατον ἀπὸ τῶν δέκα προβάτων ἀφαίρεμα ἐκ πασῶν τῶν πατριῶν τοῦ ἰσραηλ εἰς θυσίας καὶ εἰς ὀλοκαυτώματα καὶ εἰς σωτηρίου τοῦ ἐξιλάσκεσθαι περὶ ὑμῶν λέγει κύριος θεός
- 16 Tout moun nan peyi a fèt pou pote ofrann sa yo bay wa k'ap gouvènè pèp Izrayèl la.
All the people are to give this offering to the ruler.
καὶ πᾶς ὁ λαὸς δώσει τὴν ἀπαρχὴν ταύτην τῷ ἀφηγουμένῳ τοῦ ἰσραηλ
- 17 Se devwa wa a pou li bay bèt pou yo boule nèt, grenn jaden, ak diven pou yo ofri pou tout pèp Izrayèl la pou fèt lalin nouvèl yo, pou jou repo m' yo ak pou tout lòt fèt yo. Se li ki pou bay ofrann pou mande Bondye padon, ofrann grenn jaden, ofrann pou yo boule nèt ak ofrann pou di mèsì, pou Bondye ka wete peche pèp Izrayèl la.
And the ruler will be responsible for the burned offering and the meal offering and the drink offering, at the feasts and the new moons and the Sabbaths, at all the fixed feasts of the children of Israel: he will give the sin-offering and meal offering and burned offering and the peace-offerings, to take away the sin of the children of Israel.
καὶ διὰ τοῦ ἀφηγουμένου ἔσται τὰ ὀλοκαυτώματα καὶ αἱ θυσίαι καὶ αἱ σπονδαὶ ἔσονται ἐν ταῖς ἑορταῖς καὶ ἐν ταῖς νομηνίαις καὶ ἐν τοῖς σαββάτοις καὶ ἐν πάσαις ταῖς ἑορταῖς οἴκου ἰσραηλ αὐτὸς ποι ἦσει τὰ ὑπὲρ ἁμαρτίας καὶ τὴν θυσίαν καὶ τὰ ὀλοκαυτώματα καὶ τὰ τοῦ σωτηρίου τοῦ ἐξιλάσκεσθαι ὑπὲρ τοῦ οἴκου ἰσραηλ
- 18 Seyè sèl Mèt la pale ankò, li di konsa: -Chak premye jou nan premye mwa lanne a, se pou nou touye yon towò bèf san ankenn enfimite bay Bondye, pou mete Tanp lan nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a.
This is what the Lord has said: In the first month, on the first day of the month, you are to take a young ox without any mark on him, and you are to make the holy place clean.
τάδε λέγει κύριος θεός ἐν τῷ πρώτῳ μηνὶ μιᾶ τοῦ μηνὸς λήμψεσθε μόσχον ἐκ βοῶν ἄμωμον τοῦ ἐξιλάσασθαι τὸ ἅγιον
- 19 Prèt la va pran ti gout nan san bèt yo ofri pou mande Bondye padon an, l'a mete sou de pote ki bò pòtay Tanp lan, sou kat kwen lotèl la, sou tout pote pòtay ki mennen nan ti lakou anndan an.
And the priest is to take some of the blood of the sin-offering and put it on the uprights at the sides of the doors of the house, and on the four angles of the shelf of the altar, and on the sides of the doorway of the inner square.
καὶ λήμψεται ὁ ἱερεὺς ἀπὸ τοῦ αἵματος τοῦ ἐξιλάσμου καὶ δώσει ἐπὶ τὰς φλιάς τοῦ οἴκου καὶ ἐπὶ τὰς τέσσαρας γωνίας τοῦ ἱεροῦ καὶ ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον καὶ ἐπὶ τὰς φλιάς τῆς πύλης τῆς αὐλῆς τῆς ἐσ ωτέρας

- 20 Sou setyèm jou mwa a, se pou nou fè menm bagay la ankò pou tout moun ki fè peche san yo pa konnen, osinon san yo pa fè espere. Se konsa n'a kenbe Tanp lan nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a.
And this you are to do on the seventh day of the month for everyone who is in error and for the feeble-minded: you are to make the house free from sin.
καὶ οὕτως ποιήσεις ἐν τῷ ἑβδόμῳ μηνὶ μιᾷ τοῦ μηνὸς λήμνη παρ' ἐκάστου ἀπόμοιραν καὶ ἐξιλάσασθε τὸν οἶκον
- 21 Sou katòzyèm jou premye mwa a, n'a konmanse ak seremoni pou fèt Delivrans lan. Pandan sèt jou, se pou tout moun manje pen san ledven.
In the first month, on the fourteenth day of the month, you are to have the Passover, a feast of seven days; unleavened bread is to be your food.
καὶ ἐν τῷ πρώτῳ μηνὶ τεσσαρεσκαίδεκάτῃ τοῦ μηνὸς ἔσται ὑμῖν τὸ πασχα ἑορτὴ ἑπτὰ ἡμέρας ἄζυμα ἔδεσθε
- 22 Sou premye jou fèt la, wa a gen pou l' ofri yon towò bèf pou yo touye pou mande Bondye padon pou peche l' yo ak pou peche tout pèp la.
And on that day the ruler is to give for himself and for all the people of the land an ox for a sin-offering.
καὶ ποιήσει ὁ ἀφηγούμενος ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ ὑπὲρ αὐτοῦ καὶ τοῦ οἴκου καὶ ὑπὲρ παντὸς τοῦ λαοῦ τῆς γῆς μόσχον ὑπὲρ ἁμαρτίας
- 23 Chak jou, pandan sèt jou fèt la, se pou l' ofri sèt towò bèf ak sèt belye mouton san ankenn enfimite pou yo boule nèt pou Seyè a. Chak jou, l'a bay yon bouk kabrit pou yo touye pou mande Bondye padon pou peche yo.
And on the seven days of the feast he is to give a burned offering to the Lord, seven oxen and seven sheep without any mark on them, every day for seven days; and a he-goat every day for a sin-offering.
καὶ τὰς ἑπτὰ ἡμέρας τῆς ἑορτῆς ποιήσει ὀλοκαυτώματα τῷ κυρίῳ ἑπτὰ μόσχους καὶ ἑπτὰ κριοὺς ἀμόμους καθ' ἡμέραν τὰς ἑπτὰ ἡμέρας καὶ ὑπὲρ ἁμαρτίας ἔριφον αἰγῶν καθ' ἡμέραν
- 24 Pou chak towò bèf ak pou chak belye mouton yo gen pou yo touye, se pou yo ofri yon demi mezi grenn jaden ak twaka yon mezi lwil oliv.
And he is to give a meal offering, an ephah for every ox and an ephah for every sheep and a hin of oil to every ephah.
καὶ θυσίαν πέμμα τῷ μόσχῳ καὶ πέμμα τῷ κριῷ ποιήσεις καὶ ἐλαίου τὸ ἰν τῷ πέμματι
- 25 Pou fèt Joupa yo, ki konmanse nan kenzyèm jou setyèm mwa a, wa a va fè menm bagay la tou chak jou, pandan sèt jou: ofrann pou mande Bondye padon, ofrann bèf pou boule nèt yo, ofrann grenn jaden yo ak ofrann lwil oliv yo.
In the seventh month, on the fifteenth day of the month, at the feast, he is to give the meal offering, the burned offering, the meal offering, and the oil as before.
καὶ ἐν τῷ ἑβδόμῳ μηνὶ πεντεκαίδεκάτῃ τοῦ μηνὸς ἐν τῇ ἑορτῇ ποιήσεις κατὰ τὰ αὐτὰ ἑπτὰ ἡμέρας καθὼς τὰ ὑπὲρ τῆς ἁμαρτίας καὶ καθὼς τὰ ὀλοκαυτώματα καὶ καθὼς τὸ μαννα καὶ καθὼς τὸ ἔλαιον
- 1 ¶ Seyè sèl Mèt la di ankò: -Se pou yo kenbe pòtay bò solèy leve nan ti lakou anndan an fèmèn pandan sis jou moun gen dwa travay la. Men, y'a louvri l' jou repo ak jou fèt lalin nouvèl lan.
This is what the Lord has said: The doorway of the inner square looking to the east is to be shut on the six working days; but on the Sabbath it is to be open, and at the time of the new moon it is to be open.
τάδε λέγει κύριος θεὸς πύλη ἡ ἐν τῇ αὐλῇ τῇ ἐσωτέρᾳ ἡ βλέπουσα πρὸς ἀνατολὰς ἔσται κεκλεισμένη ἕξ ἡμέρας τὰς ἐνεργούσας ἐν δὲ τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων ἀνοιχθήσεται καὶ ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῆς νομηνίας ἡ ἀνοιχθήσεται
- 2 Wa a va soté nan gwo lakou deyò a, l'a antre nan gwo chanm ki nan bout koridò a, l'a kanpe bò poto pòtay yo. Prèt yo menm va boule ofrann ki pou boule nèt yo. Y'a fè ofrann pou di Bondye mèsi yo. Se la, bò pòtay la, wa a va mete ajenou pou adore Bondye. Apre sa, l'a soté. Pòtay la va ret louvri jouk aswè.
And the ruler is to go in through the covered way of the outer doorway outside, and take his place by the pillar of the doorway, and the priests will make his burned offering and his peace-offerings and he will give worship at the doorstep of the doorway; then he will go out, and the door will not be shut till the evening.
καὶ εἰσελεύσεται ὁ ἀφηγούμενος κατὰ τὴν ὁδὸν τοῦ αἰλαμ τῆς πύλης τῆς ἕξωθεν καὶ στήσεται ἐπὶ τὰ πρόθυρα τῆς πύλης καὶ ποιήσουσιν οἱ ἱερεῖς τὰ ὀλοκαυτώματα αὐτοῦ καὶ τὰ τοῦ σωτηρίου αὐτοῦ καὶ προσκυνήσει ἐπὶ τοῦ προθύρου τῆς πύλης καὶ ἐξελεύσεται καὶ ἡ πύλη οὐ μὴ κλεισθῆ ἕως ἑσπέρας
- 3 Chak jou repo m' yo ak chak fèt lalin nouvèl yo, se pou tout pèp la mete ajenou pou yo adore Seyè a devan pòtay la.
And the people of the land are to give worship at the door of that doorway before the Lord on the Sabbaths and at the new moons.
καὶ προσκυνήσει ὁ λαὸς τῆς γῆς κατὰ τὰ πρόθυρα τῆς πύλης ἐκείνης ἐν τοῖς σαββάτοις καὶ ἐν ταῖς νομηνίαις ἐναντίον κυρίου
- 4 Chak jou repo m' yo se pou wa a ofri sis ti mouton ak yon belye mouton san ankenn enfimite, pou yo boule nèt pou Seyè a.
And the burned offering offered to the Lord by the ruler on the Sabbath day is to be six lambs without a mark on them and a male sheep without a mark;
καὶ τὰ ὀλοκαυτώματα προσοίσει ὁ ἀφηγούμενος τῷ κυρίῳ ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων ἕξ ἄμνοὺς ἀμόμους καὶ κριὸν ἄμωμον
- 5 Avèk chak belye mouton, l'a ofri yon demi mezi grenn jaden. Avèk chak ti mouton, l'a bay sa l'a vle. Pou chak demi mezi grenn, l'a bay twaka yon mezi lwil oliv.
And the meal offering is to be an ephah for the sheep, and for the lambs whatever he is able to give, and a hin of oil to an ephah.
καὶ μαννα πέμμα τῷ κριῷ καὶ τοῖς ἄμνοῖς θυσίαν δόμα χειρὸς αὐτοῦ καὶ ἐλαίου τὸ ἰν τῷ πέμματι
- 6 Pou fèt lalin nouvèl lan, l'a ofri yon jenn towò bèf, sis ti mouton ak yon belye mouton, yo tout san ankenn enfimite.
And at the time of the new moon it is to be a young ox of the herd without a mark on him, and six lambs and a male sheep, all without a mark:
καὶ ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῆς νομηνίας μόσχον ἄμωμον καὶ ἕξ ἄμνοὺς καὶ κριὸς ἄμωμος ἔσται

- 7 Pou chak towo bèf ak pou chak belye mouton, l'a ofri yon demi mezi grenn jaden. Pou chak ti mouton, l'a ofri sa li vle. Se pou l' ofri twaka yon mezi lwil oliv pou chak demi mezi grenn li ofri.
And he is to give a meal offering, an ephah for the ox and an ephah for the sheep, and for the lambs whatever he is able to give, and a hin of oil to an ephah.
 και πέμμα τῷ κριῶ και πέμμα τῷ μόσχῳ ἔσται μαννα και τοῖς ἀμνοῖς καθὼς ἂν ἐκποιῇ ἢ χειρ αὐτοῦ και ἐλαίου τὸ ἰν τῷ πέμματι
- 8 Lè wa a ap antre, se pou l' pase nan gwo chanm ki nan bout koridò a. Lè l'ap soti, se la pou l' pase tou.
And when the ruler comes in, he is to go in through the covered way of the doorway, and he is to go out by the same way.
 και ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαι τὸν ἀφηγούμενον κατὰ τὴν ὁδὸν τοῦ αἰλαμ τῆς πύλης εἰσελεύσεται και κατὰ τὴν ὁδὸν τῆς πύλης ἐξελεύσεται
- 9 Pou nenpòt fèt, lè pèp la ap vin adore Seyè a, moun ki pase nan pòtay nò a pou yo antre va pase nan pòtay sid la pou yo soti. Moun ki pase nan pòtay sid la pou yo antre va pase nan pòtay nò a pou yo soti. Pesonn p'ap gen dwa pase soti kote li te pase antre a. Se pou l' pase soti nan pòtay anfas la.
But when the people of the land come before the Lord at the fixed feasts, he who comes in by the north doorway to give worship is to go out by the south doorway; and he who comes in by the south doorway is to go out by the north doorway: he is not to come back by the doorway through which he went in, but is to go straight before him.
 και ὅταν εἰσπορεύηται ὁ λαὸς τῆς γῆς ἐναντίον κυρίου ἐν ταῖς ἑορταῖς ὁ εἰσπορευόμενος κατὰ τὴν ὁδὸν τῆς πύλης τῆς πρὸς βορρᾶν προσκυνεῖν ἐξελεύσεται κατὰ τὴν ὁδὸν τῆς πύλης τῆς πρὸς νότον και αὐτὸς ὁ εἰσπορευόμενος κατὰ τὴν ὁδὸν τῆς πύλης τῆς πρὸς νότον ἐξελεύσεται κατὰ τὴν ὁδὸν τῆς πύλης τῆς πρὸς βορρᾶν οὐκ ἀναστρέψει κατὰ τὴν πύλην ἣν εἰσελήλυθεν ἀλλ' ἢ κατ' εὐθὺ αὐτῆς ἐξελεύσεται
- 10 Wa a va kanpe avèk pèp la, l'a antre ansanm ak yo, l'a soti ansanm ak yo.
And the ruler, when they come in, is to come among them, and is to go out when they go out.
 και ὁ ἀφηγούμενος ἐν μέσῳ αὐτῶν ἐν τῷ εἰσπορεύεσθαι αὐτοὺς εἰσελεύσεται μετ' αὐτῶν και ἐν τῷ ἐκπορεύεσθαι αὐτοὺς ἐξελεύσεται
- 11 Pou jou fèt yo ak pou gwo seremoni yo, y'a ofri yon demi mezi grenn jaden pou chak towo bèf osinon pou chak belye mouton y'ap ofri. Pou chak ti mouton yon moun ap ofri, l'a bay sa l'a vle. Se pou yo bay twaka yon mezi lwil pou chak demi mezi grenn jaden.
At the feasts and the fixed meetings the meal offerings are to be an ephah for an ox, and an ephah for a male sheep, and for the lambs whatever he is able to give, and a hin of oil to an ephah.
 και ἐν ταῖς ἑορταῖς και ἐν ταῖς πανηγύρεσιν ἔσται τὸ μαννα πέμμα τῷ μόσχῳ και πέμμα τῷ κριῶ και τοῖς ἀμνοῖς καθὼς ἂν ἐκποιῇ ἢ χειρ αὐτοῦ και ἐλαίου τὸ ἰν τῷ πέμματι
- 12 Lè wa a ap fè yon ofrann paske li vle fè l' bay Seyè a, kit se yon ofrann pou yo boule nèt, kit se yon ofrann pou di Bondye mèsi, y'a louvri pòtay ki bay sou solèy leve nan ti lakou anndan an pou li. Se pou li fè ofrann li menm jan li fè l' pou jou repo yo. Men, soti li soti, y'a fèmen pòtay la.
And when the ruler makes a free offering, a burned offering or a peace-offering freely given to the Lord, the doorway looking to the east is to be made open for him, and he is to make his burned offering and his peace-offerings as he does on the Sabbath day: and he will go out; and the door will be shut after he has gone out.
 ἐὰν δὲ ποιῆσῃ ὁ ἀφηγούμενος ὁμολογίαν ὀλοκαύτωμα σωτηρίου τῷ κυρίῳ και ἀνοίξει ἐαυτῷ τὴν πύλην τὴν βλέπουσαν κατ' ἀνατολὰς και ποιήσει τὸ ὀλοκαύτωμα αὐτοῦ και τὰ τοῦ σωτηρίου αὐτοῦ ὁ ἑν τρόπον ποιεῖ ἐν τῇ ἡμέρᾳ τῶν σαββάτων και ἐξελεύσεται και κλείσει τὰς θύρας μετὰ τὸ ἐξελθεῖν αὐτόν
- 13 Seyè a di ankò: -Chak maten, se pou yo ofri yon ti mouton ennan san ankenn ofrimite pou yo boule nèt pou Seyè a. Se pou yo fè ofrann sa a chak jou.
And you are to give a lamb a year old without any mark on it for a burned offering to the Lord every day: morning by morning you are to give it.
 και ἄμνὸν ἐνιαύσιον ἄμωμον ποιήσει εἰς ὀλοκαύτωμα καθ' ἡμέραν τῷ κυρίῳ πρωὶ ποιήσει αὐτόν
- 14 Chak maten, y'a ofri tou senk liv farin frans ak yon boutèy ka lwil oliv y'a melanje ak farin lan. Se konsa pou yo fè ofrann sa yo bay Seyè a. Sa se yon lòd ki la pou toutan, ki p'ap janm chanje.
And you are to give, morning by morning, a meal offering with it, a sixth of an ephah and a third of a hin of oil dropped on the best meal; a meal offering offered to the Lord at all times by an eternal order.
 και μαννα ποιήσει ἐπ' αὐτῷ τὸ πρωὶ ἕκτον τοῦ μέτρου και ἐλαίου τὸ τρίτον τοῦ ἰν τοῦ ἀναμείξει τὴν σεμίδαλιν μαννα τῷ κυρίῳ πρόσταγμα διὰ παντός
- 15 Chak jou nan maten, san sote yon jou, se pou yo ofri ti mouton an, farin lan ak lwil la pou yo boule nèt pou Seyè a.
And they are to give the lamb and the meal offering and the oil, morning by morning, for a burned offering at all times.
 ποιήσετε τὸν ἄμνὸν και τὸ μαννα και τὸ ἐλαιον ποιήσετε τὸ πρωὶ ὀλοκαύτωμα διὰ παντός
- 16 ¶ Seyè sèl Mèt la bay lòd sa a: -Si wa a fè yonn nan pitit li yo kado yon moso nan tè li a, moso tè sa a ap toujou rete pou pitit la. Se va byen eritaj fanmi li.
This is what the Lord has said: If the ruler gives a property to any of his sons, it is his heritage and will be the property of his sons; it is theirs for their heritage.
 τάδε λέγει κύριος θεὸς ἂν δῶ ὁ ἀφηγούμενος δόμα ἐνὶ ἐκ τῶν υἱῶν αὐτοῦ ἐκ τῆς κληρονομίας αὐτοῦ τοῦτο τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ ἔσται κατάσχεσις ἐν κληρονομίᾳ
- 17 Men, si wa a fè yon moun k'ap sèvi l' kado yon moso nan tè li a, tè a ap tounen pou wa a ankò lè lanne rejwisans lan va rive. Paske, tè a se pou li. Se sèlman li menm ak pitit li ki ka mèt tè a pou toutan.
And if he gives a part of his heritage to one of his servants, it will be his till the year of making free, and then it will go back to the ruler; for it is his sons' heritage, and is to be theirs.
 ἐὰν δὲ δῶ δόμα ἐνὶ τῶν παιδῶν αὐτοῦ και ἔσται αὐτῷ ἕως τοῦ ἔτους τῆς ἀφέσεως και ἀποδώσει τῷ ἀφηγουμένῳ πλὴν τῆς κληρονομίας τῶν υἱῶν αὐτοῦ αὐτοῖς ἔσται

- 18 Wa a pa gen dwa mete ankenn moun nan pèp la deyò sou tè yo pou li pran l' pou li. Se nan tè ki rele l' pa l' la pou l' pran pou l' bay pitit li. Konsa, li p'ap mete pesonn deyò sou tè yo pou l' pran tè a pou li.
And the ruler is not to take the heritage of any of the people, driving them out of their property; he is to give a heritage to his sons out of the property which is his: so that my people may not be sent away from their property.
 και οὐ μὴ λάβῃ ὁ ἀφηγούμενος ἐκ τῆς κληρονομίας τοῦ λαοῦ καταδυναστεύσαι αὐτούς ἐκ τῆς κατασχέσεως αὐτοῦ κατακληρονομήσει τοῖς υἱοῖς αὐτοῦ ὅπως μὴ διασκορπίζηται ὁ λαός μου ἕκαστος ἐκ τῆς κατασχέσεως αὐτοῦ
- 19 ¶ Apre sa, nonm lan mennen m' devan pòt ki toupre pòtay sid la, nan ti lakou anndan an. Pòt la te bay sou chanm yo mete apa pou prèt Bondye yo, sou bò nò a. Li moutre m' yon espas nan fon an, sou bò solèy kouche chanm yo.
And he took me through by the way in at the side of the doorway into the holy rooms which are the priests', looking to the north: and I saw a place at the side of them to the west.
 και εισήγαγέν με εἰς τὴν εἴσοδον τῆς κατὰ νότου τῆς πύλης εἰς τὴν ἐξέδραν τῶν ἁγίων τῶν ἱερέων τὴν βλέπουσαν πρὸς βορρᾶν και ἰδοὺ τόπος ἐκεῖ κεχωρισμένος
- 20 Epi li di m': -Men kote prèt yo va bouyi vyann bèt yo te touye pou mande Bondye padon osinon pou peye pou peche yo fè yo. Se la tou y'a kwit ofrann farin yo. Konsa, tou sa yo te mete apa pou Bondye p'ap janm soti nan gwo lakou a kote yo te ka fè malè rive pèp la.
And he said to me, This is the place where the offering for error and the sin-offering are to be cooked in water by the priests, and where the meal offering is to be cooked in the oven; so that they may not be taken out into the outer square to make the people holy.
 και εἶπεν πρὸς με οὗτος ὁ τόπος ἐστὶν οὗ ἀνήσουσιν ἐκεῖ οἱ ἱερεῖς τὰ ὑπὲρ ἀγνοίας και τὰ ὑπὲρ ἁμαρτίας και ἐκεῖ πένουσι τὸ μανα τὸ παράπαν τοῦ μὴ ἐκφέρειν εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἐξωτέραν τοῦ ἁγιάς εἰν τὸν λαόν
- 21 Apre sa, li mennen m' nan gwo lakou deyò a, li fè m' pase nan kat kwen lakou a. Te gen yon ti lakou nan chak kwen.
And he took me out into the outer square and made me go by the four angles of the square; and I saw that in every angle of the open square there was a space shut in.
 και ἐξήγαγέν με εἰς τὴν αὐλὴν τὴν ἐξωτέραν και περιήγαγέν με ἐπὶ τὰ τέσσαρα μέρη τῆς αὐλῆς και ἰδοὺ αὐλὴ κατὰ τὸ κλίτος τῆς αὐλῆς αὐλὴ κατὰ τὸ κλίτος τῆς αὐλῆς
- 22 Antou, sa te fè kat ti lakou. Chak ti lakou sa yo te gen swasantwit pye longè, karantwit pye lajè.
In the four angles there were spaces walled in, forty cubits long and thirty wide; the four were of the same size.
 ἐπὶ τὰ τέσσαρα κλίτη τῆς αὐλῆς αὐλὴ μικρὰ μήκος πηχῶν τεσσαράκοντα και εὗρος πηχῶν τριάκοντα μέτρον ἐν ταῖς τέσσαρσιν
- 23 Yo chak te gen yon miray wòch ki te fèmen yo. Nan pye miray yo, te gen yon seri fouye dife ki te fè wonn lakou a.
And there was a line of wall all round inside them, round all four, and boiling-places were made under it all round about.
 και ἐξέδραι κύκλω ἐν αὐταῖς κύκλω ταῖς τέσσαρσιν και μαγειρεία γεγνότα ὑποκάτω τῶν ἐξεδρῶν κύκλω
- 24 Nonm lan di m': -Sa se kizin kote moun k'ap sèvi nan Tanp lan va bouyi vyann bèt pèp la ofri bay Bondye.
And he said to me, These are the boiling-rooms, where the offering of the people is cooked by the servants of the house.
 και εἶπεν πρὸς με οὗτοι οἱ οἴκοι τῶν μαγειρείων οὗ ἀνήσουσιν ἐκεῖ οἱ λειτουργοῦντες τῷ οἴκῳ τὰ θύματα τοῦ λαοῦ
- 1 ¶ Apre sa, nonm lan mennen m' tounen devan pòtay pou antre nan Tanp lan. Mwen wè yon dlo k'ap soti anba papòt kay la, li t'ap koule nan direksyon solèy leve. Se nan direksyon sa a pòtay Tanp lan te bay tou. Dlo a t'ap koule desann soti anba fondasyon ki sou bò sid Tanp lan, li pase adwat sou bò sid lotèl la.
And he took me back to the door of the house; and I saw that waters were flowing out from under the doorstep of the house on the east, for the house was facing east: and the waters came down from under, from the right side of the house, on the south side of the altar.
 και εισήγαγέν με ἐπὶ τὰ πρόθυρα τοῦ οἴκου και ἰδοὺ ὕδωρ ἐξεπορεύετο ὑποκάτωθεν τοῦ αἰθρίου κατ' ἀνατολὰς ὅτι τὸ πρόσωπον τοῦ οἴκου ἔβλεπεν κατ' ἀνατολὰς και τὸ ὕδωρ κατέβαινεν ἀπὸ τοῦ κλίτους τοῦ δεξιοῦ ἀπὸ νότου ἐπὶ τὸ θυσιαστήριον
- 2 Nonm lan fè m' soti kite lakou Tanp lan. Mwen pase nan pòtay nò a, nou fè yon detou jouk nou rive bò pòtay ki bay sou solèy leve a. Yon ti dlo t'ap koule soti nan kwen sid pòtay la.
And he took me out by the north doorway, and made me go round to the outside of the doorway looking to the east; and I saw waters running slowly out on the south side.
 και ἐξήγαγέν με κατὰ τὴν ὁδὸν τῆς πύλης τῆς πρὸς βορρᾶν και περιήγαγέν με τὴν ὁδὸν ἔξωθεν πρὸς τὴν πύλην τῆς αὐλῆς τῆς βλέπουσης κατ' ἀνατολὰς και ἰδοὺ τὸ ὕδωρ κατεφέρετο ἀπὸ τοῦ κλίτους τοῦ δεξιοῦ
- 3 Nonm lan swiv ti kouran dlo a desann nan direksyon solèy leve. Avèk baton mezi ki te nan men l' lan, li mezire senksan (500) mè. Rive la, li fè m' janbe dlo a. Dlo a ban m' nan je pye.
And the man went out to the east with the line in his hand, and after measuring a thousand cubits, he made me go through the waters, which came over my feet.
 καθὼς ἔξοδος ἀνδρὸς ἐξ ἐναντίας και μέτρον ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ και διεμέτρησεν χιλίους ἐν τῷ μέτρῳ και διῆλθεν ἐν τῷ ὕδατι ὕδωρ ἀφέσεως
- 4 Li mezire yon lòt senksan (500) mè ankò, li fè m' janbe dlo a, dlo a ban mwen nan jenou. Li mezire yon lòt senksan (500) mè ankò, li fè m' janbe dlo a, dlo a ban mwen nan ren.
And again, measuring a thousand cubits, he made me go through the waters which came up to my knees. Again, measuring a thousand, he made me go through the waters up to the middle of my body.
 και διεμέτρησεν χιλίους και διῆλθεν ἐν τῷ ὕδατι ὕδωρ ἕως τῶν μηρῶν και διεμέτρησεν χιλίους και διῆλθεν ὕδωρ ἕως ὀσφύος

- 5 Li mezire yon lòt senksan (500) mè. Rive la, se te yon gwo larivyè. Mwen pa t' ka mache janbe l' ankò, dlo a te twò fon. Se naje pou m' ta naje travèse l'.
Again, after his measuring a thousand, it became a river which it was not possible to go through: for the waters had become deep enough for swimming, a river it was not possible to go through.
καὶ διεμέτρησεν χιλίους καὶ οὐκ ἠδύνατο διελθεῖν ὅτι ἐξῆρξεν τὸ ὕδωρ ὡς ῥοῖζος χειμάρρου ὃν οὐ διαβήσονται
- 6 Li di m' konsa: -Nonm o! Make tou sa ou wè la a! Apre sa, li fè m' tounen sou bò larivyè a.
And he said to me, Son of man, have you seen this? Then he took me to the river's edge.
καὶ εἶπεν πρὸς με εἰ εώρακας νιὲ ἀνθρώπου καὶ ἤγαγέν με ἐπὶ τὸ χεῖλος τοῦ ποταμοῦ
- 7 Lè m' rive la, mwen wè te gen anpil pyebwa sou de bò larivyè a.
And he took me back, and I saw at the edge of the river a very great number of trees on this side and on that.
ἐν τῇ ἐπιστροφῇ μου καὶ ἰδοὺ ἐπὶ τοῦ χεῖλους τοῦ ποταμοῦ δένδρα πολλὰ σφόδρα ἔνθεν καὶ ἔνθεν
- 8 Li di m' konsa: -Dlo sa a ap koule desann, l'ap travèse pòsyon tè ki bay sou solèy leve a, jouk li rive nan Fon Jouden an pou l' tonbe nan Lanmè Mouri a. Lè l'a tonbe nan Lanmè mouri a, l'ap fè dlo sale a tounen dlo dous.
And he said to me, These waters are flowing out to the east part of the land and down into the Arabah; and they will go to the sea, and the waters will be made sweet.
καὶ εἶπεν πρὸς με τὸ ὕδωρ τοῦτο τὸ ἐκπορευόμενον εἰς τὴν γαλιλαίαν τὴν πρὸς ἀνατολὰς καὶ κατέβαιναν ἐπὶ τὴν ἀραβίαν καὶ ἤρχετο ἕως ἐπὶ τὴν θάλασσαν ἐπὶ τὸ ὕδωρ τῆς διεκβολῆς καὶ ὑγιάσει τὰ ὕδατα
- 9 Tout kote dlo a ap koule pral gen tout kalite bèt ak pwason. Dlo larivyè a pral fè dlo Lanmè Mouri a tounen dlo dous. Kote dlo a pase, l'ap bay lavi.
And it will come about that every living and moving thing, wherever their streams come, will have life; and there will be very much fish because these waters have come there and have been made sweet: and everything wherever the river comes will have life.
καὶ ἔσται πᾶσα ψυχὴ τῶν ζώων τῶν ἐκζέοντων ἐπὶ πάντα ἐφ' ἃ ἂν ἐπέλθῃ ἐκεῖ ὁ ποταμὸς ζήσεται καὶ ἔσται ἐκεῖ ἰχθὺς πολλὸς σφόδρα ὅτι ἦκει ἐκεῖ τὸ ὕδωρ τοῦτο καὶ ὑγιάσει καὶ ζήσεται πᾶν ἐφ' ὃ ἂν ἐπέλθῃ ὁ ποταμὸς ἐκεῖ ζήσεται
- 10 Depi sous Angedi yo, desann ale jouk sous Eneglayim yo, pral gen moun k'ap peche sou tout bò lanmè a. Yo pral blayi senn yo ak privye yo mete cheche. Pral gen tout kalite pwason an kantite tankou nan lanmè Mediterane a.
And fishermen will take up their places by it: from En-gedi as far as En-eglaim will be a place for the stretching out of nets; the fish will be of every sort, like the fish of the Great Sea, a very great number.
καὶ στήσονται ἐκεῖ ἄλεις ἀπὸ αινγαδίν ἕως αινγαλίμ ψυγμὸς σαγιῶν ἔσται καθ' αὐτὴν ἔσται καὶ οἱ ἰχθύες αὐτῆς ὡς οἱ ἰχθύες τῆς θαλάσσης τῆς μεγάλης πλῆθος πολὺ σφόδρα
- 11 Men, dlo ki nan lagon yo ak nan ma dlo ki sou rivaj la p'ap dous. Y'ap rete ak tout gwo sèl yo.
The wet places and the pools will not be made sweet; they will be given up to salt.
καὶ ἐν τῇ διεκβολῇ αὐτοῦ καὶ ἐν τῇ ἐπιστροφῇ αὐτοῦ καὶ ἐν τῇ ὑπεράρσει αὐτοῦ οὐ μὴ ὑγιάσωσιν εἰς ἅλας δέδονται
- 12 Sou de bò larivyè a, tout kalite pyebwa pral poue pou bay fwi pou moun manje. Fèy yo p'ap janm fennen, yo p'ap janm sispann donn. Y'ap bay yon donn chak mwa, paske dlo k'ap koule sot nan Tanp lan pral wouze yo. Pyebwa yo pral bay fwi pou moun manje. Fèy yo ap sèvi renmèd.
And by the edge of the river, on this side and on that, will come up every tree used for food, whose leaves will ever be green and its fruit will not come to an end: it will have new fruit every month, because its waters come out from the holy place: the fruit will be for food and the leaf will make well those who are ill.
καὶ ἐπὶ τοῦ ποταμοῦ ἀναβήσεται ἐπὶ τοῦ χεῖλους αὐτοῦ ἔνθεν καὶ ἔνθεν πᾶν ξύλον βρώσιμον οὐ μὴ παλαιωθῇ ἐπ' αὐτοῦ οὐδὲ μὴ ἐκλίπῃ ὁ καρπὸς αὐτοῦ τῆς καινότητος αὐτοῦ πρωτοβολήσῃ διότι τὰ ὕδατα αὐτῶν ἐκ τῶν ἁγίων ταῦτα ἐκπορεύεται καὶ ἔσται ὁ καρπὸς αὐτῶν εἰς βρώσιν καὶ ἀνάβασιν αὐτῶν εἰς ὑγίαιαν
- 13 ¶ Seyè sèl Mèt la di m' ankò: -Men fwontyè peyi nou pral separe pou nou bay douz branch fanmi pèp Izrayèl yo pòsyon pa yo chak. N'a bay branch fanmi Jozèf la de pòsyon.
This is what the Lord has said: These are the limits by which you will take up your heritage in the land among the twelve tribes of Israel: Joseph is to have two parts.
τάδε λέγει κύριος θεὸς ταῦτα τὰ ὅρια κατακληρονομήσετε τῆς γῆς ταῖς δώδεκα φυλαῖς τῶν υἱῶν ἰσραὴλ πρόσθεσις σχοινίσματος
- 14 Separe tè a pou chak moun jwenn pòsyon pa yo. Mwen te pwomèt zansèt nou yo m'ap ba yo peyi sa a pou rele yo pa yo.
And you are to make an equal division of it; as I gave my oath to your fathers to give it to you: for this land is to be your heritage.
καὶ κατακληρονομήσετε αὐτὴν ἕκαστος καθὼς ὁ ἀδελφὸς αὐτοῦ εἰς ἣν ἦρα τὴν χειρὰ μου τοῦ δοῦναι αὐτὴν τοῖς πατράσιν αὐτῶν καὶ πεσεῖται ἡ γῆ αὕτη ὑμῖν ἐν κληρονομίᾳ
- 15 Sou bò nò, fwontyè a va sot depi bò lanmè Mediterane a, l'a desann nan direksyon solèy leve, l'a pase lavil Etlon, l'a rive lavil Zeda nan Fon Amat la.
And this is to be the limit of the land: on the north side, from the Great Sea, in the direction of Hethlon, as far as the way into Hamath;
καὶ ταῦτα τὰ ὅρια τῆς γῆς πρὸς βορρᾶν ἀπὸ τῆς θαλάσσης τῆς μεγάλης τῆς καταβαινούσης καὶ περισχιζούσης τῆς εἰσόδου ἡμαθ σεδδαδα
- 16 L'a pase lavil Bewota ak lavil Sibrayim, nan mitan peyi Damas ak peyi Amat. L'a rive lavil Tikon ki sou fwontyè peyi Oran an.
To Zedad, Berothah, Sibraim, which is between the limit of Damascus and the limit of Hazar-hatticon, which is on the limit of Hauran.
βηρωθα σεβραιμ ἡλιαμ ἀνὰ μέσον ὀρίων δαμασκοῦ καὶ ἀνὰ μέσον ὀρίων ἡμαθ ἀλλὴ τοῦ σαναν αἶ εἰσιν ἐπάνω τῶν ὀρίων αυρανίτιδος

- 17 Konsa, fwontyè nò peyi a soti bò lanmè Mediterane, li desann jouk lavil Enon nan direksyon solèy leve. L'ap bòde ak fwontyè peyi Damas ak peyi Amat.
And this is the limit from the sea in the direction of Hazar-enon; and the limit of Damascus is to the north, and on the north is the limit of Hamath. This is the north side.
ταῦτα τὰ ὅρια ἀπὸ τῆς θαλάσσης ἀπὸ τῆς αὐλῆς τοῦ αἰναν ὅρια δαμασκοῦ καὶ τὰ πρὸς βορρᾶν
- 18 Sou bò solèy leve, fwontyè a ap pati nan yon bòn ki ant peyi Damas la ak peyi Oran an. L'ap desann nan direksyon sid jouk larivyè Jouden an k'ap sèvi fwontyè ant peyi Izrayèl la sou bò solèy kouche ak peyi Galarad sou bò solèy leve. L'a desann toujou jouk li rive lavil Tama, bò lanmè Mouri a.
And the east side will be from Hazar-enon, which is between Hauran and Damascus; and between Gilead and the land of Israel the Jordan will be the limit, to the east sea, to Tamar. This is the east side.
καὶ τὰ πρὸς ἀνατολὰς ἀνὰ μέσον τῆς αυρανίτιδος καὶ ἀνὰ μέσον δαμασκοῦ καὶ ἀνὰ μέσον τῆς γαλααδίτιδος καὶ ἀνὰ μέσον τῆς γῆς τοῦ ἰσραηλ ὁ ἰορδάνης διορίζει ἐπὶ τὴν θάλασσαν τὴν πρὸς ἀνατολὰς φοινικῶνος ταῦτα τὰ πρὸς ἀνατολὰς
- 19 Sou bò sid la, fwontyè ap pran direksyon sid yon ti kras plis sou solèy kouche, soti lavil Tama rive nan ti bwa bò sous dlo Meriba yo nan peyi Kadès. Rive la, l'ap vire sou nò yon ti jan sou solèy kouche, l'a pran ravin lan moute rive bò lanmè Mediterane a.
And the south side to the south will be from Tamar as far as the waters of Meribath-kadesh, to the stream of Egypt, to the Great Sea. This is the south side, on the south.
καὶ τὰ πρὸς νότον καὶ λίβα ἀπὸ θαμῖαν καὶ φοινικῶνος ἕως ὕδατος μαριμωθ καθὺς παρεκτεῖνον ἐπὶ τὴν θάλασσαν τὴν μεγάλην τοῦτο τὸ μέρος νότος καὶ λίβ
- 20 Sou bò solèy kouche a, se lanmè Mediterane a k'ap sèvi yo fwontyè moute rive sou yon bòn ki sou bò solèy kouche lavil Amat.
And the west side will be the Great Sea, from the limit on the south to a point opposite the way into Hamath. This is the west side.
τοῦτο τὸ μέρος τῆς θαλάσσης τῆς μεγάλης ὀρίζει ἕως κατέναντι τῆς εἰσόδου ἡμαθ ἕως εἰσόδου αὐτοῦ ταῦτά ἐστιν τὰ πρὸς θάλασσαν ἡμαθ
- 21 N'a separe tè a bay chak branch fanmi pèp Izrayèl la pòsyon pa yo.
You will make a division of the land among you, tribe by tribe.
καὶ διαμερίσετε τὴν γῆν ταύτην αὐτοῖς ταῖς φυλαῖς τοῦ ἰσραηλ
- 22 N'a separe peyi a bay chak moun sa ki vin pou yo. Moun lòt nasyon k'ap viv nan mitan nou epi ki gen pitit ki fèt la va resewva moso tè pa yo tou lè n'ap separe peyi a. Se pou nou konsidere yo tankou nenpòt moun pèp Izrayèl k'ap viv nan peyi a. Y'a tire osò pou pòsyon ki pou vin pou yo nan peyi a ansanm ak moun branch fanmi pèp Izrayèl yo.
And you are to make a distribution of it, by the decision of the Lord, for a heritage to you and to the men from other lands who are living among you and who have children in your land: they will be the same to you as if they were Israelites by birth, they will have their heritage with you among the tribes of Israel.
βαλεῖτε αὐτὴν ἐν κλήρῳ ὑμῖν καὶ τοῖς προσηλύτοις τοῖς παροικοῦσιν ἐν μέσῳ ὑμῶν οἵτινες ἐγέννησαν υἱοὺς ἐν μέσῳ ὑμῶν καὶ ἔσονται ὑμῖν ὡς αὐτόχθονες ἐν τοῖς υἱοῖς τοῦ ἰσραηλ μεθ' ὑμῶν φάγοντα ἰ ἐν κληρονομία ἐν μέσῳ τῶν φυλῶν τοῦ ἰσραηλ
- 23 Chak moun lòt nasyon ki rete nan peyi a va resewva moso tè pa yo nan pòsyon ki pou branch fanmi moun kote y'ap viv la. Se mwen menm, Seyè sèl Mèt la, ki di sa.
In whatever tribe the man from a strange land is living, there you are to give him his heritage, says the Lord.
καὶ ἔσονται ἐν φυλῇ προσηλύτων ἐν τοῖς προσηλύτοις τοῖς μετ' αὐτῶν ἐκεῖ δώσετε κληρονομίαν αὐτοῖς λέγει κύριος θεός
- 1 ¶ Sou bò nò, fwontyè peyi a ap soti bò lanmè Mediterane a, l'ap pran direksyon solèy leve jouk lavil Etlon, l'ap pase devan Amat, l'ap rive lavil Enon. L'ap kouri sou fwontyè ant peyi Damas ak peyi Amat. Chak branch fanmi pèp la pral resewva yon pòsyon tè k'ap soti depi bò lanmè Mediterane sou lizyè solèy kouche a rive sou lizyè solèy leve a. Lè ou konmanse sou lizyè nò a, ou jwenn pòsyon tè branch fanmi Dann lan.
Now these are the names of the tribes: from the north end, from the west on the way of Hethlon to the way into Hamath, in the direction of Hazar-enon, with the limit of Damascus to the north, by Hamath; and on the limit from the east side to the west side: Dan, one part.
καὶ ταῦτα τὰ ὀνόματα τῶν φυλῶν ἀπὸ τῆς ἀρχῆς τῆς πρὸς βορρᾶν κατὰ τὸ μέρος τῆς καταβάσεως τοῦ περισχίζοντος ἐπὶ τὴν εἰσόδον τῆς ἡμαθ αὐλῆς τοῦ αἰναν ὅριον δαμασκοῦ πρὸς βορρᾶν κατὰ μέρος ἡμαθ αὐλῆς καὶ ἔσται αὐτοῖς τὰ πρὸς ἀνατολὰς ἕως πρὸς θάλασσαν δαν μία
- 2 Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Asè a.
And on the limit of Dan, from the east side to the west side: Asher, one part.
καὶ ἀπὸ τῶν ὀρίων τοῦ δαν τὰ πρὸς ἀνατολὰς ἕως τῶν πρὸς θάλασσαν ασηρ μία
- 3 Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Neftali a.
And on the limit of Asher, from the east side to the west side: Naphtali, one part.
καὶ ἀπὸ τῶν ὀρίων ασηρ ἀπὸ τῶν πρὸς ἀνατολὰς ἕως τῶν πρὸς θάλασσαν νεφθαλι μία
- 4 Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Manase a.
And on the limit of Naphtali, from the east side to the west side: Manasseh, one part.
καὶ ἀπὸ τῶν ὀρίων νεφθαλι ἀπὸ τῶν πρὸς ἀνατολὰς ἕως τῶν πρὸς θάλασσαν μανασση μία

- 5 Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Efrayim lan.
And on the limit of Manasseh, from the east side to the west side: Ephraim, one part.
 και ἀπὸ τῶν ὀρίων μανασση ἀπὸ τῶν πρὸς ἀνατολὰς ἕως τῶν πρὸς θάλασσαν εφραιμ μία
- 6 Apre li, se pòsyon tè branch fanmi Woubenn lan.
And on the limit of Ephraim, from the east side to the west side: Reuben, one part.
- 6 Tout moun ki refize mete ajenou devan estati a pou adore l', y'ap pran l' al lage tou vivan anndan yon gwo fou tou limen.
- And anyone not falling down and worshipping will that same hour be put into a burning and flaming fire.**
- καὶ πᾶς ὃς ἂν μὴ πεσὼν προσκυνήσῃ ἐμβολοῦσιν αὐτὸν εἰς τὴν κάμινον τοῦ πυρὸς τὴν καιομένην**
- 7 Se konsa, tande moun yo tande twonpèt la ak tout lòt enstriman yo, yo tonbe ajenou devan estati lò wa Nèbikadnezha te fè fè a, yo adore l'. Te gen moun tout nasyon ki sot nan tout ras, epi ki pale tout kalite lang.
- So at that time, all the people, when the sound of the horn, pipe, harp, trigon, psaltery, and all sorts of instruments, came to their ears, went down on their faces in worship before the image of gold which Nebuchadnezzar the king had put up.**
- καὶ ἐν τῷ καιρῷ ἐκείνῳ ὅτε ἤκουσαν πάντα τὰ ἔθνη τῆς φωνῆς τῆς σάλπιγγος καὶ παντὸς ἤχου μουσικῶν πίπτοντα πάντα τὰ ἔθνη φυλαὶ καὶ γλώσσαι προσεκύνησαν τῇ εἰκόνι τῇ χρυσῇ ἣν ἔστησε ναβουχοδονοσορ κατέναντι τούτου**
- 8 ¶ Lè sa a, gen kèk moun lavil Babilòn ki pwofite al denonse jwif yo.
- At that time certain Chaldaeans came near and made a statement against the Jews.**
- ἐν ἐκείνῳ τῷ καιρῷ προσελθόντες ἄνδρες χαλδαῖοι διέβαλον τοὺς ἰουδαίους**
- 9 Yo di wa Nèbikadnezha konsa: -Se pou wa a viv pou tout tan!
- They made answer and said to Nebuchadnezzar the king, O King, have life for ever.**
- καὶ ὑπολαβόντες εἶπον κύριε βασιλεῦ εἰς τὸν αἰῶνα ζῆθι**
- 10 Monwa, ou fè bibliye yon lòd ki mande pou tout moun mete ajenou, pou yo adore estati lò a, lè y'a tande twonpèt ak tout lòt enstriman mizik yo ap jwe.
- You, O King, have given an order that every man, when the sound of the horn, pipe, harp, trigon, psaltery, bagpipe, and all sorts of instruments, comes to his ears, is to go down on his face in worship before the image of gold:**
- σύ βασιλεῦ προσέταξας καὶ ἔκρινας ἵνα πᾶς ἄνθρωπος ὃς ἂν ἀκούσῃ τῆς φωνῆς τῆς σάλπιγγος καὶ παντὸς ἤχου μουσικῶν πεσὼν προσκυνήσῃ τῇ εἰκόνι τῇ χρυσῇ**
- 11 Si yon moun pa mete ajenou pou adore estati a, se pou yo lage l' tout vivan nan gwo fou tou limen an.
- And anyone not falling down and worshipping is to be put into a burning and flaming fire.**
- καὶ ὃς ἂν μὴ πεσὼν προσκυνήσῃ ἐμβληθήσεται εἰς τὴν κάμινον τοῦ πυρὸς τὴν καιομένην**
- 12 Enben! Gen twa jwif ou te mete reskonsab pwovens Babilòn lan. Se Chadrak, Mechak ak Abèdnego. Mesye sa yo pa okipe lòd ou bay la, monwa. Yo pa adore bondye ou la. Yo pa mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a.
- There are certain Jews whom you have put over the business of the land of Babylon, Shadrach, Meshach, and Abed-nego; these men have not given attention to you, O King: they are not servants of your gods or worshippers of the gold image which you have put up.**
- εἰσὶ δὲ τινες ἄνδρες ἰουδαῖοι οὓς κατέστησας ἐπὶ τῆς χώρας τῆς βαβυλωνίας σεδραχ μισαχ ἀβδεναγω οἱ ἄνθρωποι ἐκεῖνοι οὐκ ἐφοβήθησάν σου τὴν ἐντολὴν καὶ τῷ εἰδώλῳ σου οὐκ ἐλάτρευσαν καὶ τῇ εἰκόνι σου τῇ χρυσῇ ἣ ἔστησας οὐ προσεκύνησαν**
- 13 Lè Nèbikadnezha tande sa, li move anpil, li fè gwo kòlè, li bay lòd pou yo mennen Chadrak, Mechak ak Abèdnego ba li. Lamenn, yo mennen twa mesye yo devan wa a.
- Then Nebuchadnezzar in his wrath and passion gave orders for Shadrach, Meshach, and Abed-nego to be sent for. Then they made these men come in before the king.**
- τότε ναβουχοδονοσορ θυμωθεὶς ὀργῇ προσέταξεν ἀγαγεῖν τὸν σεδραχ μισαχ ἀβδεναγω τότε οἱ ἄνθρωποι ἤχθησαν πρὸς τὸν βασιλέα**
- 14 Wa a di yo konsa: -Chadrak, Mechak ak Abèdnego, èske se vre nou derefize adore bondye mwen yo, nou derefize mete ajenou devan estati lò mwen te fè fè a?
- Nebuchadnezzar made answer and said to them, Is it true, O Shadrach, Meshach, and Abed-nego, that you will not be servants of my god or give worship to the image of gold which I have put up?**
- οὓς καὶ συνιδὼν ναβουχοδονοσορ ὁ βασιλεὺς εἶπεν αὐτοῖς διὰ τί σεδραχ μισαχ ἀβδεναγω τοῖς θεοῖς μου οὐ λατρεύετε καὶ τῇ εἰκόνι τῇ χρυσῇ ἣν ἔστησα οὐ προσκυνεῖτε**
- 15 Bon, koulye a, tande n'a tande twonpèt yo ak lòt enstriman mizik yo ap jwe, se pou nou mete ajenou pou n' adore estati mwen fè fè a. Si nou pa fè sa, y'ap jete nou nan gwo fou tou limen an. Pa gen bondye ki pou delivre nou anba men m'.
- Now if you are ready, on hearing the sound of the horn, pipe, harp, trigon, psaltery, bagpipe, and all sorts of instruments, to go down on your faces in worship before the image which I have made, it is well: but if you will not give worship, that same hour you will be put into a burning and flaming fire; and what god is there who will be able to take you out of my hands?**
- καὶ νῦν εἰ μὲν ἔχετε ἐτόιμωσ ἅμα τῷ ἀκοῦσαι τῆς σάλπιγγος καὶ παντὸς ἤχου μουσικῶν πεσόντες προσκυνήσατε τῇ εἰκόνι τῇ χρυσῇ ἣ ἔστησα εἰ δὲ μὴ γε γινώσκετε ὅτι μὴ προσκυνησάντων ὑμῶν αὐθωρὶ ἐμβληθήσεσθε εἰς τὴν κάμινον τοῦ πυρὸς τὴν καιομένην καὶ ποῖος θεὸς ἐξελεῖται ὑμᾶς ἐκ τῶν χειρῶν μου**

- 16 Chadrak, Mechak ak Abèdnego reponn, yo di wa Nèbikadneza konsa: -Monwa, nou p'ap eseye defann tèt nou.
Shadrach, Meshach, and Abed-nego, answering Nebuchadnezzar the king, said, There is no need for us to give you an answer to this question.
ἀποκριθέντες δὲ σεδραχ μισαχ αβδεναγω εἶπαν τῷ βασιλεῖ ναβουχοδοноσορ βασιλεῦ οὐ χρεῖαν ἔχομεν ἡμεῖς ἐπὶ τῇ ἐπιταγῇ ταύτῃ ἀποκριθῆναι σοι
- 17 Si Bondye n'ap sèvi a ka wete nou nan gwo fou tou limen an, si li ka delivre nou tou anba men ou, l'ap fè l'.
If our God, whose servants we are, is able to keep us safe from the burning and flaming fire, and from your hands, O King, he will keep us safe.
ἔστι γὰρ θεὸς ἐν οὐρανοῖς εἷς κύριος ἡμῶν ὃν φοβοῦμεθα ὃς ἐστι δυνατὸς ἐξελεῖσθαι ἡμᾶς ἐκ τῆς καμίνου τοῦ πυρός καὶ ἐκ τῶν χειρῶν σου βασιλεῦ ἐξελεῖται ἡμᾶς
- 18 Men, menm si li pa vin delivre nou, monwa, nou tou di ou nou p'ap adore bondye pa ou yo, ni nou p'ap mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a.
But if not, be certain, O King, that we will not be the servants of your gods, or give worship to the image of gold which you have put up.
καὶ τότε φανερόν σοι ἔσται ὅτι οὔτε τῷ εἰδώλῳ σου λατρευόμεν οὔτε τῇ εἰκόνι σου τῇ χρυσῇ ἣν ἔστησας προσκυνούμεν
- 19 ¶ Lè wa Nèbikadneza tande pawòl sa yo, li fè yon sèl kolè, li move sou Chadrak, Mechak ak Abèdnego. Li bay lòd pou yo chofe fou a sèt fwa plis pase jan yo te konn fè l' la.
Then Nebuchadnezzar was full of wrath, and the form of his face was changed against Shadrach, Meshach, and Abed-nego: and he gave orders that the fire was to be heated up seven times more than it was generally heated.
τότε ναβουχοδοноσορ ἐπλήσθη θυμοῦ καὶ ἡ μορφή τοῦ προσώπου αὐτοῦ ἠλλοιώθη καὶ ἐπέταξε καῖναι τὴν κάμινον ἑπταπλασίως παρ' ὃ ἔδει αὐτὴν καῖναι
- 20 Lèfini, li mande pou kèk sòlda ki pi gwonèg nan lame li a vin mare Chadrak, Mechak ak Abèdnego byen mare, apre sa pou lage yo jete nan gwo fou tou limen an.
And he gave orders to certain strong men in his army to put cords on Shadrach, Meshach and Abed-nego and put them into the burning and flaming fire.
καὶ ἄνδρας ἰσχυροτάτους τῶν ἐν τῇ δυνάμει ἐπέταξε συμποδίσαντας τὸν σεδραχ μισαχ αβδεναγω ἐμβαλεῖν εἰς τὴν κάμινον τοῦ πυρός τὴν καιομένην
- 21 Se konsa yo pran mesye yo, yo mare yo byen mare, yo jete yo nan gwo fou tou limen an ak tout rad sou yo, soulye nan pye yo ak gwo mouchwa mare tèt yo.
Then these men had cords put round them as they were, in their coats, their trousers, their hats, and their clothing, and were dropped into the burning and flaming fire.
τότε οἱ ἄνδρες ἐκεῖνοι συνεποδίσθησαν ἔχοντες τὰ ὑποδήματα αὐτῶν καὶ τὰς τιάρας αὐτῶν ἐπὶ τῶν κεφαλῶν αὐτῶν σὺν τῷ ἱματισμῷ αὐτῶν καὶ ἐβλήθησαν εἰς τὴν κάμινον
- 22 Lòd wa a te bay la te sevè, kifè yo te chofe fou a anpil anpil. Se konsa flanm dife ki t'ap soti nan fwa a boule gad ki t'ap jete mesye yo nan dife a. Yo mouri.
And because the king's order was not to be put on one side, and the heat of the fire was so great, the men who took up Shadrach, Meshach, and Abed-nego were burned to death by the flame of the fire.
ἐπειδὴ τὸ πρόσταγμα τοῦ βασιλέως ἤπειγεν καὶ ἡ κάμινος ἐξεκαύθη ὑπὲρ τὸ πρότερον ἑπταπλασίως καὶ οἱ ἄνδρες οἱ προχειρισθέντες συμποδίσαντες αὐτοὺς καὶ προσαγόντες τῇ καμίνῳ ἐνεβάλοσαν εἰς αὐτήν
- 23 Twa mesye yo menm, Chadrak, Mechak ak Abèdnego, tonbe tou mare nan gwo fou tou limen an.
And these three men, Shadrach, Meshach, and Abed-nego, with the cords about them, went down into the burning and flaming fire.
τοὺς μὲν οὖν ἄνδρας τοὺς συμποδίσαντας τοὺς περὶ τὸν αζαριαν ἐξελοῦσα ἡ φλόξ ἐκ τῆς καμίνου ἐνεπύρισε καὶ ἀπέκτεινεν αὐτοὶ δὲ συνετηρήθησαν
- 24 Apre sa, wa Nèbikadneza rete konsa li leve voup, tankou yon moun ki sezi. Li mande moun ki te avè l' yo: -Eske se pa t' twa moun tou mare nou te lage nan gwo fou tou limen an? Yo reponn li: -Se sa wi, monwa!
Then King Nebuchadnezzar, full of fear and wonder, got up quickly, and said to his wise men, Did we not put three men in cords into the fire? and they made answer and said to the king, True, O King.
καὶ ἐγένετο ἐν τῷ ἀκοῦσαι τὸν βασιλέα ὑμνούντων αὐτῶν καὶ ἐστὼς ἐθεώρει αὐτοὺς ζῶντας τότε ναβουχοδοноσορ ὁ βασιλεὺς ἐθαύμασε καὶ ἀνέστη σπεύσας καὶ εἶπεν τοῖς φίλοις αὐτοῦ
- 25 Wa a di yo ankò: -Ki jan fè se kat moun mwen wè k'ap mache nan dife a? Yo yonn pa mare. Dife a pa fè yo anyen. Katryèm moun lan menm sanble yon pitit bondye yo.
He made answer and said, Look! I see four men loose, walking in the middle of the fire, and they are not damaged; and the form of the fourth is like a son of the gods.
ἰδοὺ ἐγὼ ὄρω ἄνδρας τέσσαρας λελυμένους περιπατούντας ἐν τῷ πυρὶ καὶ φθορὰ οὐδεμία ἐγενήθη ἐν αὐτοῖς καὶ ἡ ὄρασις τοῦ τετάρτου ὁμοίωμα ἀγγέλου θεοῦ
- 26 Wa Nèbikadneza pwoche bò pòt gwo fou a epi li rele: -Chadrak! Mechak! Abèdnego! Sèvitè Bondye ki nan syèl la! Soti vin jwenn mwen! Epi mesye yo mache soti nan dife a.
Then Nebuchadnezzar came near the door of the burning and flaming fire: he made answer and said, Shadrach, Meshach, and Abed-nego, you servants of the Most High God, come out and come here. Then Shadrach, Meshach, and Abed-nego came out of the fire.
καὶ προσελθὼν ὁ βασιλεὺς πρὸς τὴν θύραν τῆς καμίνου τῆς καιομένης τῷ πυρὶ ἐκάλεσεν αὐτοὺς ἐξ ὀνόματος σεδραχ μισαχ αβδεναγω οἱ παῖδες τοῦ θεοῦ τῶν θεῶν τοῦ ὑψίστου ἐξέλθετε ἐκ τοῦ πυρός οὕτως οὖν ἐξῆλθον οἱ ἄνδρες ἐκ μέσου τοῦ πυρός

- 27 Tout gwo zotobre yo: prefè, kòmandan, gouvènè ansanm ak tout lòt chèf yo sanble pou yo wè twa mesye yo. Dife a pa t' fè kò yo anyen. Yon branch cheve nan tèt yo pa t' boule, rad sou yo pa te menm flambe. Pa t' gen okenn lafimen sou yo.
 And the captains, the chiefs, and the rulers, and the king's wise men who had come together, saw these men, over whose bodies the fire had no power, and not a hair of their heads was burned, and their coats were not changed, and there was no smell of fire about them.
 και συνήχθησαν οἱ ὕπατοι τοπάρχαι καὶ ἀρχιπατριῶται καὶ οἱ φίλοι τοῦ βασιλέως καὶ θεώρουν τοὺς ἀνθρώπους ἐκείνους ὅτι οὐχ ἦψατο τὸ πῦρ τοῦ σώματος αὐτῶν καὶ αἱ τρίχες αὐτῶν οὐ κατεκάησαν καὶ τὰ σαράβαρα αὐτῶν οὐκ ἠλκιοῦθησαν οὐδὲ ὀσμὴ τοῦ πυρὸς ἦν ἐν αὐτοῖς
- 28 ¶ Wa a di konsa: -Lwanj pou Bondye Chadrak, Mechak ak Abèdnego a! Li voye zanj li delivre sèvitè l' yo ki te mete konfyans yo nan li. Yo te derefize obeyi lòd mwen. Yo te pito mouri pase pou yo ta mete ajenou pou adore yon bondye ki pa bondye pa yo a.
 Nebuchadnezzar made answer and said, Praise be to the God of Shadrach, Meshach, and Abed-nego, who has sent his angel and kept his servants safe who had faith in him, and who put the king's word on one side and gave up their bodies to the fire, so that they might not be servants or worshippers of any other god but their God.
 ὑπολαβὼν δὲ ναβουχοδοноσορ ὁ βασιλεὺς εἶπεν εὐλογητὸς κύριος ὁ θεὸς τοῦ σεδραχ μισαχ αβδεναγω ὃς ἀπέστειλε τὸν ἄγγελον αὐτοῦ καὶ ἔσωσε τοὺς παῖδας αὐτοῦ τοὺς ἐλπίσαντας ἐπ' αὐτόν τὴν γὰρ προσταγὴν τοῦ βασιλέως ἠθέτησαν καὶ παρέδωκαν τὰ σώματα αὐτῶν εἰς ἐμπυρισμὸν ἵνα μὴ λατρεύωσι μηδὲ προσκυνήσωσι θεῷ ἑτέρῳ ἢ τῷ θεῷ αὐτῶν
- 29 Koulye a, men lòd mwen bay pou tout pèp, moun tout peyi ak moun tout ras ki pale lòt lang yo: si yonn nan nou pale Bondye Chadrak, Mechak ak Abèdnego a mal, se pou yo depatcha l'. Lèfini, se pou yo kraze kay li nèt mete atè. Paskè pa gen lòt bondye ki ka delivre moun konsa.
 And it is my decision that any people, nation, or language saying evil against the God of Shadrach, Meshach, and Abed-nego, will be cut to bits and their houses made waste: because there is no other god who is able to give salvation such as this.
 καὶ νῦν ἐγὼ κρίνω ἵνα πᾶν ἔθνος καὶ πᾶσαι φυλαὶ καὶ πᾶσαι γλώσσαι ὃς ἂν βλασφημήσῃ εἰς τὸν κύριον τὸν θεὸν σεδραχ μισαχ αβδεναγω διαμελισθήσεται καὶ ἡ οἰκία αὐτοῦ δημευθήσεται διότι οὐκ ἔστιν θεὸς ἕτερος ὃς δυνήσεται ἐξελέσθαι οὕτως
- 30 Wa a moute Chadrak, Mechak ak Abèdnego grad nan pwovens Babilòn lan.
 Then the king gave Shadrach, Meshach, and Abed-nego even greater authority in the land of Babylon.
 οὕτως οὖν ὁ βασιλεὺς τῷ σεδραχ μισαχ αβδεναγω ἐξουσίαν δοὺς ἐφ' ὅλης τῆς χώρας κατέστησεν αὐτοὺς ἄρχοντας
- 1 ¶ Men mesaj wa Nèbikadneza voye bay tout pèp, moun tout ras nan tout peyi ki pale lòt lang toupatou sou latè: -Gwo bonjou ak anpil kè poze pou nou tout.
 Nebuchadnezzar the king, to all the peoples, nations, and languages living in all the earth: May your peace be increased.
- 2 Se yon plezi pou mwen pou m' fè nou konnen mirak ak bèl bagay Bondye ki anwo nan syèl la fè pou mwen.
 It has seemed good to me to make clear the signs and wonders which the Most High God has done with me.
- 3 Bèl bagay li fè yo pa piti! Mirak li fè yo se gwo zafè! Bondye ap gouvènè pou tout tan. Otorite l' la la jouk sa kaba nèt.
 How great are his signs! and how full of power are his wonders! his kingdom is an eternal kingdom and his rule goes on from generation to generation.
- 4 ¶ Mwen menm, Nèbikadneza, mwen t'ap viv alèz lakay mwen. Tout zafè m' t'ap mache byen nan palè a.
 I, Nebuchadnezzar, was at rest in my place, and all things were going well for me in my great house:
 ἔτους ὀκτωκαιδεκάτου τῆς βασιλείας ναβουχοδοноσορ εἶπεν εἰρηνεύων ἡμῖν ἐν τῷ οἴκῳ μου καὶ εὐθηνῶν ἐπὶ τοῦ θρόνου μου
- 5 Men, mwen fè yon rèv ki boulvèse m' anpil. Antan m' t'ap dòmi, yon bann vye lide t'ap travay nan tèt mwen, epi mwen te fè yon vizyon ki t'ap trakase tèt mwen.
 I saw a dream which was a cause of great fear to me; I was troubled by the images of my mind on my bed, and by the visions of my head.
 ἐνύπνιον εἶδον καὶ εὐλαβήθην καὶ φόβος μοι ἐπέπεσεν
- 6 Mwen bay lòd pou yo fè chache tout nèg save ki nan lavil Babilòn pou yo vin ban m' esplikasyon rèv la.
 And I gave orders for all the wise men of Babylon to come in before me so that they might make clear to me the sense of my dream.
- 7 Dènye majisyen, dènye moun ki li zetwal, dènye divinò ak dènye nèg save vini. Mwen rakonte yo rèv la, men yo pa t' ka esplikè m' sa li vle di.
 Then the wonder-workers, the users of secret arts, the Chaldeans, and the readers of signs came in to me: and I put the dream before them but they did not make clear the sense of it to me.
- 8 Apre sa, Danyèl vini devan mwen. Yo te ba li yon lòt non dapre non bondye mwen an: Yo te rele l' Beltechaza. Li gen lespri bondye yo nan li. Mwen rakonte l' rèv mwen te fè a.
 But at last Daniel came in before me, he whose name was Belteshazzar, after the name of my god, and in whom is the spirit of the holy gods: and I put the dream before him, saying,
- 9 Mwen di l': Beltechaza, ou menm ki chèf majisyen yo, mwen konnen ou gen lespri bondye yo nan ou, kifè pa gen mistè ou pa konprann. Men sa mwen te wè nan rèv mwen te fè a. Di m' kisa li vle di:
 O Belteshazzar, master of the wonder-workers, because I am certain that the spirit of the holy gods is in you, and you are troubled by no secret; this is the dream which I saw: make clear to me its sense.

- 10 Antan mwen t'ap dòmi, mwen fè yon vizyon: Mwen wè yon gwo pyebwa byen kanpe nan mitan latè.
On my bed I saw a vision: there was a tree in the middle of the earth, and it was very high.
ἐκάθεδον καὶ ἰδοὺ δένδρον ὑψηλὸν φούμενον ἐπὶ τῆς γῆς ἡ ὄρασις αὐτοῦ μεγάλη καὶ οὐκ ἦν ἄλλο ὁμοιον αὐτῷ
- 11 Pyebwa a grandi, li grandi jouk tèt li rive nan syèl. Toupatou sou latè moun te ka wè l'.
And the tree became tall and strong, stretching up to heaven, and to be seen from the ends of the earth:
καὶ ἡ ὄρασις αὐτοῦ μεγάλη ἡ κορυφή αὐτοῦ ἤγγιζεν ἕως τοῦ οὐρανοῦ καὶ τὸ κύτος αὐτοῦ ἕως τῶν νεφελῶν πληροῦν τὰ ὑποκάτω τοῦ οὐρανοῦ ὁ ἥλιος καὶ ἡ σελήνη ἐν αὐτῷ ὄφκουν καὶ ἐφώτιζον πᾶσα ν τὴν γῆν
- 12 Fèy li yo te bèl. Li te chaje ak donn. Te gen kont pou tout moun manje. Li te bay gwo lonbray pou bèt nan bwa yo pare solèy. Zwezo te fè nich nan tout branch li yo. Li te bay manje pou tout kalite bèt ak pou tout moun.
Its leaves were fair and it had much fruit, and in it was food enough for all: the beasts of the field had shade under it, and the birds of heaven were resting in its branches, and it gave food to all living things.
οἱ κλάδοι αὐτοῦ τῷ μήκει ὡς σταδίων τριάκοντα καὶ ὑποκάτω αὐτοῦ ἐσκίαζον πάντα τὰ θηρία τῆς γῆς καὶ ἐν αὐτῷ τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ ἐνόσσευον ὁ καρπὸς αὐτοῦ πολὺς καὶ ἀγαθὸς καὶ ἐχορήγει πᾶσι τοῖς ζώοις
- 13 Nan dòmi an, antan mwen t'ap kalkile sou rèv la, mwen wè yon zanj Bondye soti nan syèl la desann. Se te yonn nan zanj gadyen yo.
In the visions of my head on my bed I saw a watcher, a holy one, coming down from heaven,
ἐθεώρουν ἐν τῷ ὕπνῳ μου καὶ ἰδοὺ ἄγγελος ἀπεστάλη ἐν ἰσχύϊ ἐκ τοῦ οὐρανοῦ
- 14 Li pale byen fò, li di konsa: Koupe pyebwa a met atè. Debranche l' nèt. Rache tout fèy li yo. Gaye tout donn li yo. Fè tout bèt soti anba lonbraj li. Fè tout zwezo vole kite branch li yo.
Crying out with a loud voice; and this is what he said: Let the tree be cut down and its branches broken off; let its leaves be taken off and its fruit sent in every direction: let the beasts get away from under it and the birds from its branches:
καὶ ἐφώνησε καὶ εἶπεν αὐτῷ ἐκκόψατε αὐτὸ καὶ καταφθεῖρατε αὐτὸ προστέτακται γὰρ ἀπὸ τοῦ ὑψίστου ἐκριζῶσαι καὶ ἀχρειῶσαι αὐτό
- 15 Men, kite yon gwo chouk ak tout rasin li nan tè. Mare l' ak chenn fèt an fè ak kwiv. Kite l' la konsa nan mitan zèb yo. Se pou lawouze tonbe sou nonm sa a. Se pou l' manje zèb nan savann tankou bèt nan bwa.
But keep its broken end and its roots still in the earth, even with a band of iron and brass; let him have the young grass of the field for food, and let him be wet with the dew of heaven, and let his part be with the beasts.
καὶ οὕτως εἶπε ῥίζαν μίαν ἄφετε αὐτοῦ ἐν τῇ γῇ ὅπως μετὰ τῶν θηρίων τῆς γῆς ἐν τοῖς ὄρεσι χόρτον ὡς βοῦς νέμηται
- 16 Pandan sètan, li p'ap gen lespri tankou tout moun. L'ap san konprann tankou yon bèt.
Let his heart be changed from that of a man, and the heart of a beast be given to him; and let seven times go by him.
καὶ ἀπὸ τῆς δρόσου τοῦ οὐρανοῦ τὸ σῶμα αὐτοῦ ἀλλοιωθῆ καὶ ἐπτὰ ἔτη βοσκηθῆ σὺν αὐτοῖς
- 17 Se desizyon sa a zanj gadyen yo pran. Se jijman sa a zanj Bondye yo bay. Se pou tout moun sou latè konnen Bondye ki nan syèl la gen pouvwa sou tout chèf. Li bay moun li vle pouvwa pou yo gouvenen. Li pran moun ki pi ba a, li fè l' moute!
This order is fixed by the watchers, and the decision is by the word of the holy ones: so that the living may be certain that the Most High is ruler over the kingdom of men, and gives it to any man at his pleasure, lifting up over it the lowest of men.
ἕως ἄν γνῶ τὸν κύριον τοῦ οὐρανοῦ ἐξουσίαν ἔχειν πάντων τῶν ἐν τῷ οὐρανῷ καὶ τῶν ἐπὶ τῆς γῆς καὶ ὅσα ἄν θέλῃ ποιῆ ἐν αὐτοῖς [17a] ἐνώπιόν μου ἐξεκόπη ἐν ἡμέρᾳ μιᾷ καὶ ἡ καταφθορὰ αὐτοῦ ἐν ὥρᾳ μιᾷ τῆς ἡμέρας καὶ οἱ κλάδοι αὐτοῦ ἐδόθησαν εἰς πάντα ἄνεμον καὶ εἰλκυσθη καὶ ἐρρίφη καὶ τὸν χόρτον τῆς γῆς μετὰ τῶν θηρίων τῆς γῆς ἦσθι καὶ εἰς φυλακὴν παρεδόθη καὶ ἐν πέδαις καὶ ἐν χειρὸσὶ χαλκαῖς ἐδέθη ὑπ' αὐτῶν σφόδρα ἐθαύμασα ἐπὶ πᾶσι τούτοις καὶ ὁ ὕπνος μου ἀπέστη ἀπὸ τῶν ὀφθαλμῶν μου
- 18 Men rèv mwen menm, wa Nèbikadneza, mwen te fè a. Koulye a, ou menm Beltechaza, esplike m' sa li vle di. Pa gen yonn nan tout nèg save peyi m' lan ki te ka fè m' konnen sans rèv la. Men ou menm, ou kapab, paske lespri bondye yo nan ou.
This dream I, King Nebuchadnezzar, saw; and do you, O Belteshazzar, make clear the sense of it, for all the wise men of my kingdom are unable to make the sense of it clear to me; but you are able, for the spirit of the holy gods is in you.
καὶ ἀναστὰς τὸ πρωὶ ἐκ τῆς κοίτης μου ἐκάλεσα τὸν δανιὴλ τὸν ἄρχοντα τῶν σοφιστῶν καὶ τὸν ἠγοούμενον τῶν κρινόντων τὰ ἐνύπνια καὶ διηγησάμην αὐτῷ τὸ ἐνύπνιον καὶ ὑπέδειξέ μοι πᾶσαν τὴν σύγκρισιν αὐτοῦ
- 19 ¶ Lè sa a, Danyèl ki te rele Beltechaza tou, rete yon bon ti tan li pa di anyen, paske tèt li te boulvèse. Wa a di l' konsa: -Beltechaza monchè, pa kite rèv la ak esplikasyon l' lan boulvèse tèt ou! Beltechaza reponn: -Monwa, mwen ta swete rèv la ak tout esplikasyon l' lan pa pou ou, men pou lènmi ou yo, pou moun ki pa vle wè ou yo.
Then Daniel, whose name was Belteshazzar, was at a loss for a time, his thoughts troubling him. The king made answer and said, Belteshazzar, do not be troubled by the dream or by the sense of it. Belteshazzar, answering, said, My lord, may the dream be about your haters, and its sense about those who are against you.
μεγάλως δὲ ἐθαύμασεν ὁ δανιὴλ καὶ ὑπόνοια κατέσπευδεν αὐτόν καὶ φοβηθεὶς τρόμου λαβόντος αὐτόν καὶ ἀλλοιωθείσης τῆς ὀράσεως αὐτοῦ κινήσας τὴν κεφαλὴν ὄραν μίαν ἀποθαυμάσας ἀπεκρίθη μοι φωνῇ πρᾶξι βασιλεῦ τὸ ἐνύπνιον τοῦτο τοῖς μισοῦσί σε καὶ ἡ σύγκρισις αὐτοῦ τοῖς ἐχθροῖς σου ἐπέλθοι

- 20 Pyebwa ou te wè ki t'ap grandi, ki t'ap gwosi jouk tèt li rive nan syèl la kifè dènye moun sou latè te ka wè l' la,
The tree which you saw, which became tall and strong, stretching up to heaven and seen from the ends of the earth;
τὸ δένδρον τὸ ἐν τῇ γῇ πεφυτευμένον οὗ ἡ ὄρασις μεγάλη σὺ εἶ βασιλεῦ
- 21 pyebwa ki te gen fèy li yo bèl, ki te chaje domm kont pou tout moun sou latè te manje, ki te gen bèt nan bwa rete anba lonbray li ak zwezo ki te fè nich nan tout branch li yo,
Which had fair leaves and much fruit, and had in it food for all; under which the beasts of the field were living, and in the branches of which the birds of heaven had their resting-places:
καὶ πάντα τὰ πετεινὰ τοῦ οὐρανοῦ τὰ νοσσεύοντα ἐν αὐτῷ ἡ ἰσχύς τῆς γῆς καὶ τῶν ἔθνων καὶ τῶν γλωσσῶν πασῶν ἕως τῶν περάτων τῆς γῆς καὶ πᾶσαι αἱ χῶραι σοὶ δουλεύουσι
- 22 pyebwa sa a se ou menm, monwa, ki grandi, ki vin fò. Ou sitèlman grandi ou rive jouk nan syèl la. Ou chèf sou tout latè.
It is you, O King, who have become great and strong: for your power is increased and stretching up to heaven, and your rule to the end of the earth.
τὸ δὲ ἀνυψωθῆναι τὸ δένδρον ἐκεῖνο καὶ ἐγγίσει τῷ οὐρανῷ καὶ τὸ κύτος αὐτοῦ ἄψασθαι τῶν νεφελῶν σὺ βασιλεῦ ὑψώθης ὑπὲρ πάντας τοὺς ἀνθρώπους τοὺς ὄντας ἐπὶ προσώπου πάσης τῆς γῆς ὑψώθη σου ἡ καρδία ὑπερηφανία καὶ ἰσχύι τὴν πρὸς τὸν ἅγιον καὶ τοὺς ἀγγέλους αὐτοῦ τὰ ἔργα σου ὥφθη καθότι ἐξερήμωσας τὸν οἶκον τοῦ θεοῦ τοῦ ζῶντος ἐπὶ ταῖς ἁμαρτίαις τοῦ λαοῦ τοῦ ἡγιασμένου
- 23 Apre sa, antan wa a t'ap gade, li wè yon zanj Bondye sot nan syèl la desann, epi ki di: Koupe pyebwa a mete l' atè, detwi li. Men, kite chouk la nan tè ak tout rasin li yo. Mare l' ak chenn fèt an fè ak kwiv. Lèfini, kite l' nan mitan zèb yo. Kite lawouze tonbe sou nonm sa a, kite l' viv ak bèt nan bwa yo pandan sètan.
And as for the vision which the king saw of a watcher, a holy one, coming down from heaven, saying, Let the tree be cut down and given to destruction;
καὶ ἡ ὄρασις ἦν εἶδες ὅτι ἄγγελος ἐν ἰσχύι ἀπεστάλη παρὰ τοῦ κυρίου καὶ ὅτι εἶπεν ἐξῆραι τὸ δένδρον καὶ ἐκκόψαι ἡ κρίσις τοῦ θεοῦ τοῦ μεγάλου ἤξει ἐπὶ σέ
- 24 Bon, koulye a, men sa rèv la vle di monwa. Men sa Bondye ki anwo nan syèl la di ki pral rive ou.
This is the sense of it, O King, and it is the decision of the Most High which has come on my lord the king:
καὶ ὁ ὕψιστος καὶ οἱ ἄγγελοι αὐτοῦ ἐπὶ σέ κατατρέχουσιν
- 25 Yo pral voye ou byen lwen pou ou pa mache sou moun. Ou pral rete ak bèt nan bwa pandan sètan. Ou pral manje zèb tankou bèf, ou pral dòmi deyò pou lawouze bat ou. Apre sa, w'a rekonèt se Bondye nan syèl la ki kontwole tout chèf sou latè. Se li menm ki bay moun li vle dwa pou yo gouvènèn.
That they will send you out from among men, to be with the beasts of the field; they will give you grass for your food like the oxen, and you will be wet with the dew of heaven, and seven times will go by you, till you are certain that the Most High is ruler in the kingdom of men, and gives it to any man at his pleasure.
εἰς φυλακὴν ἀπάξουσί σε καὶ εἰς τόπον ἔρημον ἀποστελοῦσί σε
- 26 Zanj yo te di pou yo te kite chouk la ak tout rasin li yo nan tè. Sa vle di w'ap moute wa ankò lè w'a rekonèt se Bondye nan syèl la k'ap gouvènèn sou tout latè.
And as they gave orders to let the broken end and the roots of the tree be, so your kingdom will be safe for you after it is clear to you that the heavens are ruling.
καὶ ἡ ρίζα τοῦ δένδρου ἡ ἀφεθεῖσα ἐπεὶ οὐκ ἐξερριζώθη ὁ τόπος τοῦ θρόνου σου σοὶ συντηρηθήσεται εἰς καιρὸν καὶ ὄραν ἰδοὺ ἐπὶ σέ ἐτοιμάζονται καὶ μαστιγώσουσί σε καὶ ἐπάξουσι τὰ κεκρυμμένα ἐπὶ σέ
- 27 Se poutèt sa, monwa, koute konsèy m'ap ba ou. Fè sa ki dwat devan Bondye pou kouvri peche ou yo. Gen pitye pou pòn malere yo pou kouvri tout mechnaste ou yo! Konsa, monwa, w'a ka viv alèz ak kè poze pou lontan ankò.
For this cause, O King, let my suggestion be pleasing to you, and let your sins be covered by righteousness and your evil-doing by mercy to the poor, so that the time of your well-being may be longer.
κύριος ζῆ ἐν οὐρανῷ καὶ ἡ ἐξουσία αὐτοῦ ἐπὶ πάσῃ τῇ γῇ αὐτοῦ δεῖθητι περὶ τῶν ἁμαρτιῶν σου καὶ πάσας τὰς ἀδικίας σου ἐν ἐλεημοσύναις λύτρωσαι ἵνα ἐπιείκεια δοθῇ σοὶ καὶ πολυήμερος γένη ἐπὶ τοῦ θρόνου τῆς βασιλείας σου καὶ μὴ καταφθεῖρη σε τούτους τοὺς λόγους ἀγάπησον ἀκριβῆς γάρ μου ὁ λόγος καὶ πλήρης ὁ χρόνος σου
- 28 ¶ Tou sa Danyèl te di a rive wa Nèbikadnezar.
All this came to King Nebuchadnezzar.
καὶ ἐπὶ συντελείᾳ τῶν λόγων ναβουχοδονοσορ ὡς ἤκουσε τὴν κρίσιν τοῦ ὀράματος τοὺς λόγους ἐν τῇ καρδίᾳ συνετήρησε
- 29 Douz mwa apre sa, wa a t'ap pwonmennen sou teras palè li a lavil Babilòn,
At the end of twelve months he was walking on the roof of his great house in Babylon.
καὶ μετὰ μῆνας δώδεκα ὁ βασιλεὺς ἐπὶ τῶν τειχῶν τῆς πόλεως μετὰ πάσης τῆς δόξης αὐτοῦ περιεπάτει καὶ ἐπὶ τῶν πύργων αὐτῆς διεπορεύετο
- 30 li di konsa: -Gade jan lavil Babilòn lan vin gran non! Se mwen menm ki bati l' ak fòs kouraj mwen pou l' sèvi m' kapital peyi a, pou fè wè jan mwen gen pouwva, jan mwen grannèg.
The king made answer and said, Is this not great Babylon, which I have made for the living-place of kings, by the strength of my power and for the glory of my honour?
καὶ ἀποκριθεὶς εἶπεν αὕτη ἐστὶ βαβυλῶν ἡ μεγάλη ἦν ἐγὼ φοκοδόμησα καὶ οἶκος βασιλείας μου ἐν ἰσχύι κράτους μου κληθήσεται εἰς τιμὴν τῆς δόξης μου

- 31 Wa a pa t' ankò fèmen bouch li, lè yon vwa rete nan syèl la, li di: -Wa Nèbikadneza, koute sa m'ap di ou. Depi jòdi a, yo wete pouvwa a nan men ou. Ou pa wa ankò. **While the word was still in the king's mouth, a voice came down from heaven, saying, O King Nebuchadnezzar, to you it is said: The kingdom has gone from you:**
καὶ ἐπὶ συντελείας τοῦ λόγου αὐτοῦ φωνὴν ἔκ τοῦ οὐρανοῦ ἤκουσε σοὶ λέγεται ναβουχοδοноσορ βασιλεῦ ἡ βασιλεία βαβυλωνος ἀφήρηται σου καὶ ἑτέρω δίδοται ἐξουθενημένῳ ἀνθρώπῳ ἐν τῷ οἴκῳ σου ἰδοὺ ἐγὼ καθίστημι αὐτὸν ἐπὶ τῆς βασιλείας σου καὶ τὴν ἐξουσίαν σου καὶ τὴν δόξαν σου καὶ τὴν τρυφὴν σου παραλήφεται ὅπως ἐπιγνῶς ὅτι ἐξουσίαν ἔχει ὁ θεὸς τοῦ οὐρανοῦ ἐν τῇ βασιλείᾳ τῶν ἀνθρώπων καὶ ᾧ ἐὰν βούληται δώσει αὐτὴν ἕως δὲ ἡλίου ἀνατολῆς βασιλεὺς ἕτερος εὐφρανθήσεται ἐν τῷ οἴκῳ σου καὶ κρατήσῃ τῆς δόξης σου καὶ τῆς ἰσχύος σου καὶ τῆς ἐξουσίας σου
- 32 Yo p'ap kite ou mache sou moun. Ou pral rete ak bèt nan bwa. Ou pral manje zèb tankou bèf pandan sètan, jouk w'a rekonèt se Bondye nan syèl la ki kontwole tout chèf sou latè. Se li menm ki bay moun li vle dwa pou yo gouvènèn. **And they will send you out from among men, to be with the beasts of the field; they will give you grass for your food like the oxen, and seven times will go by you, till you are certain that the Most High is ruler in the kingdom of men, and gives it to any man at his pleasure.**
καὶ οἱ ἄγγελοι διώξονται σε ἐπὶ ἔτη ἑπτὰ καὶ οὐ μὴ ὀφθῆς οὐδ' οὐ μὴ λαλήσης μετὰ παντὸς ἀνθρώπου χόρτον ὡς βοῦν σε ψωμίσουσι καὶ ἀπὸ τῆς χλόης τῆς γῆς ἔσται ἡ νομὴ σου ἰδοὺ ἀντὶ τῆς δόξης σου οὐ δῆσουσι σε καὶ τὸν οἶκον τῆς τρυφῆς σου καὶ τὴν βασιλείαν σου ἕτερος ἔξει
- 33 Lamenm sa pawòl la te di a rive vre. Yo mete wa a deyò pou l' pa mache sou moun. Li t'ap manje zèb tankou bèf. Lawouze tonbe sou tout kò l'. Cheve nan tèt li pouse tankou plim malfini, zong li yo vin long tankou grif zwezo. **That very hour the order about Nebuchadnezzar was put into effect: and he was sent out from among men, and had grass for his food like the oxen, and his body was wet with the dew of heaven, till his hair became long as eagles' feathers and his nails like those of birds.**
ἕως δὲ προὐ πάντα τελεσθήσεται ἐπὶ σέ ναβουχοδοноσορ βασιλεῦ βαβυλωνος καὶ οὐχ ὑστερήσει ἀπὸ πάντων τούτων οὐθέν [33a] ἐγὼ ναβουχοδοноσορ βασιλεὺς βαβυλωνος ἐπὶ ἔτη ἐπεδήθη χόρτον ὡς βοῦν ἐψωμίσαί με καὶ ἀπὸ τῆς χλόης τῆς γῆς ἤσθιον καὶ μετὰ ἔτη ἑπτὰ ἔδωκα τὴν ψυχὴν μου εἰς δέσιν καὶ ἤξιωσα περὶ τῶν ἁμαρτιῶν μου κατὰ πρόσωπον κυρίου τοῦ θεοῦ τοῦ οὐρανοῦ καὶ περὶ τῶν ἀγνοιῶν μου τοῦ θεοῦ τῶν θεῶν τοῦ μεγάλου ἐδεήθη [33β] καὶ αἱ τρίχες μου ἐγένοντο ὡς πτέρυγες ἀετοῦ οἱ ὄνυχές μου ὡσεὶ λέοντος ἠλλοιώθη ἡ σὰρξ μου καὶ ἡ καρδία μου γυμνὸς περιεπάτου μετὰ τῶν θηρίων τῆς γῆς ἐνύπνιον εἶδον καὶ ὑπόνοιαί με εἰλήφισι καὶ διὰ χρόνου ὕπνου με ἔλαβε πολὺς καὶ νυσταγμὸς ἐπέτεσέ μοι
- 34 ¶ Wa a di ankò: -Aprè sètan sa yo, mwen menm Nèbikadneza, mwen leve je m' mwen gade syèl la. Bonnanj mwen vin sou mwen. Mwen di Bondye nan syèl la mèsì, mwen fè lwanj Bondye k'ap viv pou tout tan tout tan an, mwen rekonèt jan li gen pouvwa. L'ap donminen pou tout tan. Gouvènman li ap la jouk sa kaba. **And at the end of the days, I, Nebuchadnezzar, lifting up my eyes to heaven, got back my reason, and, blessing the Most High, I gave praise and honour to him who is living for ever, whose rule is an eternal rule and whose kingdom goes on from generation to generation.**
καὶ ἐπὶ συντελείᾳ τῶν ἑπτὰ ἐτῶν ὁ χρόνος μου τῆς ἀπολυτρόσεως ἦλθε καὶ αἱ ἁμαρτίαι μου καὶ αἱ ἀγνοιαί μου ἐπληρώθησαν ἐναντίον τοῦ θεοῦ τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἐδεήθη περὶ τῶν ἀγνοιῶν μου τοῦ θεοῦ τῶν θεῶν τοῦ μεγάλου καὶ ἰδοὺ ἄγγελος εἶς ἐκάλεσέ με ἔκ τοῦ οὐρανοῦ λέγων ναβουχοδοноσορ δούλευσον τῷ θεῷ τοῦ οὐρανοῦ τῷ ἀγίῳ καὶ δὸς δόξαν τῷ ὑψίστῳ τῷ βασιλείῳ τοῦ ἔθνους σου σοὶ ἀποδίδοται
- 35 Li pa pran moun k'ap viv sou latè yo pou anyen. Li fè sa li vle ak lame zanj ki nan syèl la, ansann ak tout moun ki sou latè. Pesonn pa ka kenbe tèt avè l'. Pesonn pa ka mande l' kont! **And all the people of the earth are as nothing: he does his pleasure in the army of heaven and among the people of the earth: and no one is able to keep back his hand, or say to him, What are you doing?**
- 36 Lè bonnanj mwen tounen sou mwen, yo renmèt mwen pouvwa mwen, otorite mwen ak tout bèl bagay mwen te genyen. Konseye mwen yo ak chèf k'ap sèvi mwen yo voye chache m', yo mete m' wa ankò. Mwen vin gen plis pouvwa pase anvan. **At the same time my reason came back to me; and for the glory of my kingdom, my honour and my great name came back to me; and my wise men and my lords were turned to me again; and I was made safe in my kingdom and had more power than before.**
ἐν ἐκείνῳ τῷ καιρῷ ἀποκατεστάθη ἡ βασιλεία μου ἐμοὶ καὶ ἡ δόξα μου ἀπεδόθη μοι
- 37 Koulye a, mwen menm Nèbikadneza, m'ap fè fèt pou wa ki nan syèl la, m'ap fè lwanj pou li, m'ap di jan li gen pouvwa. Tou sa li fè bon. Li pa fè paspouki pou pesonn. Li konn jan pou l' fè ak moun ki kite lògèy vire tèt yo. L'ap desann kòlèt yo. **Now I, Nebuchadnezzar, give worship and praise and honour to the King of heaven; for all his works are true and his ways are right: and those who go in pride he is able to make low.**
τῷ ὑψίστῳ ἀνομοιολογοῦμαι καὶ αἰνῶ τῷ κτίσαντι τὸν οὐρανὸν καὶ τὴν γῆν καὶ τὰς θαλάσσας καὶ τοὺς ποταμοὺς καὶ πάντα τὰ ἐν αὐτοῖς ἐξομοιολογοῦμαι καὶ αἰνῶ ὅτι αὐτός ἐστι θεὸς τῶν θεῶν καὶ κύριος τῶν κυρίων καὶ βασιλεὺς τῶν βασιλέων ὅτι αὐτὸς ποιεῖ σημεῖα καὶ τέρατα καὶ ἀλλοιοῖ καιροὺς καὶ χρόνους ἀφαιρῶν βασιλείαν βασιλέων καὶ καθιστῶν ἑτέρους ἀντ' αὐτῶν [37a] ἀπὸ τοῦ νῦν αὐτῷ ἀπατρέψω καὶ ἀπὸ τοῦ φόβου αὐτοῦ τρόμος εἰληφέ με καὶ πάντας τοὺς ἁγίους αὐτοῦ αἰνῶ οἱ γὰρ θεοὶ τῶν ἔθνῶν οὐκ ἔχουσιν ἐν ἑαυτοῖς ἰσχὴν ἀποστρέψαι βασιλείαν βασιλέως εἰς ἕτερον βασιλέα καὶ ἀποκτεῖναι καὶ ζῆν ποιῆσαι καὶ ποιῆσαι σημεῖα καὶ θαυμάσια μεγάλα καὶ φοβερά καὶ ἀλλοιώσαι ὑπερμεγέθη πράγματα καθὼς ἐποίησεν ἐν ἐμοὶ ὁ θεὸς τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἠλλοίωσεν ἐπ' ἐμοὶ μέγала πράγματα ἐγὼ πάσας τὰς ἡμέρας τῆς βασιλείας μου περὶ τῆς ψυχῆς μου τῷ ὑψίστῳ θυσίας προσείσω εἰς ὅσμην εὐωδίας τῷ κυρίῳ καὶ τὸ ἀρεστὸν ἐνώπιον αὐτοῦ ποιήσω ἐγὼ καὶ ὁ λαὸς μου τὸ ἔθνος μου καὶ αἱ χώραι μου αἱ ἐν τῇ ἐξουσίᾳ μου καὶ ὅσοι ἐλάλησαν εἰς τὸν θεὸν τοῦ οὐρανοῦ καὶ ὅσοι ἀν καταληφθῶσι λαλοῦντές τι τούτους κατακρινῶ θανάτῳ [37β] ἔγραψε δὲ ὁ βασιλεὺς ναβουχοδοноσορ ἐπιστολὴν ἐγκύκλιον πᾶσι τοῖς κατὰ τόπον ἔθνεσι καὶ χώραις καὶ γλώσσαις πάσαις ταῖς οἰκούσαις ἐν πάσαις ταῖς χώραις ἐν γενεαῖς καὶ γενεαῖς κυρίῳ τῷ θεῷ τοῦ οὐρανοῦ αἰνεῖτε καὶ θυσίαν καὶ προσφορὰν προσφέρετε αὐτῷ ἐνδόξως ἐγὼ βασιλεὺς βασιλέων ἀνομοιολογοῦμαι αὐτῷ ἐνδόξως ὅτι οὕτως ἐποίησε μετ' ἐμοῦ ἐν αὐτῇ τῇ ἡμέρᾳ ἐκάθισέ με ἐπὶ τοῦ θρόνου μου καὶ τῆς ἐξουσίας μου καὶ τῆς βασιλείας μου ἐν τῷ λαῷ μου ἐκράτησα καὶ ἡ μεγαλωσύνη μου ἀποκατεστάθη μοι [37ξ] ναβουχοδοноσορ βασιλεὺς πᾶσι τοῖς ἔθνεσι καὶ πάσαις ταῖς χώραις καὶ πᾶσι τοῖς οἰκούσιν ἐν αὐταῖς εἰρήνη ὅ μιν πληθυνθεῖ ἐν παντὶ καιρῷ καὶ νῦν ὑποδείξω ὑμῖν τὰς πράξεις ἃς ἐποίησε μετ' ἐμοῦ ὁ θεὸς ὁ μέγας ἔδοξε δὲ μοι ἀποδείξει ὑμῖν καὶ τοῖς σοφισταῖς ὑμῶν ὅτι ἐστι θεὸς καὶ τὰ θαυμάσια αὐτοῦ μεγάλα τὸ βασιλεῖον αὐτοῦ βασιλεῖον εἰς τὸν αἰῶνα ἡ ἐξουσία αὐτοῦ ἀπὸ γενεῶν εἰς γενεάς καὶ ἀπέστειλεν ἐπιστολὰς περὶ πάντων τῶν γενηθέντων αὐτῷ ἐν τῇ βασιλείᾳ αὐτοῦ πᾶσι τοῖς ἔθνεσι τοῖς οὖσιν ὅ πο τὴν βασιλείαν αὐτοῦ

- 1 ¶ Yon jou, wa Bèlchaza bay yon gwo resepsyon pou mil moun nan gwo zotobre peyi a. Yo t'ap bwè diven ansanm.
Belshazzar the king made a great feast for a thousand of his lords, drinking wine before the thousand.
- 1 ¶ Yon jou, wa Bèlchaza bay yon gwo resepsyon pou mil moun nan gwo zotobre peyi a. Yo t'ap bwè diven ansanm.
Belshazzar the king made a great feast for a thousand of his lords, drinking wine before the thousand.
βαλτασαρ ὁ βασιλεὺς ἐποίησεν ἐστιατορίαν μεγάλην τοῖς ἐταίροις αὐτοῦ καὶ ἔπινεν οἶνον
- 2 Antan yo t'ap bwè konsa, Bèlchaza bay lòd pou y' al pran gwo gode fèt an lò ak gode fèt an ajan papa l', Nèbikadneza, te pran nan tanp lavil Jerizalèm lan. Li te fè chache yo pou l' te bwè ladan yo ansanm ak chèf li yo, madanm li yo ak fanm kay li yo.
Belshazzar, while he was overcome with wine, gave orders for them to put before him the gold and silver vessels which Nebuchadnezzar, his father, had taken from the Temple in Jerusalem; so that the king and his lords, his wives and his other women, might take their drink from them.
καὶ ἀνυψώθη ἡ καρδία αὐτοῦ καὶ εἶπεν ἐνέγκαι τὰ σκευῆ τὰ χρυσᾶ καὶ τὰ ἀργυρᾶ τοῦ οἴκου τοῦ θεοῦ ἃ ἤνεγκε ναβουχοδονοσορ ὁ πατήρ αὐτοῦ ἀπὸ ἱερουσαλημ καὶ οἰνοχοῆσαι ἐν αὐτοῖς τοῖς ἐταίροις αὐτοῦ
- 3 Lamenn, yo pote gode an lò ak gode an ajan yo, epi yo tout yo tanmen bwè ladan yo.
Then they took in the gold and silver vessels which had been in the Temple of the house of God at Jerusalem; and the king and his lords, his wives and his other women, took wine from them.
καὶ ἠνέχθη καὶ ἔπινον ἐν αὐτοῖς
- 4 Yo t'ap bwè diven, yo t'ap fè lwanj bondye pa yo ki fèt an lò, an ajan, an kwiv, an bwa, an fè ak an wòch.
They took their wine and gave praise to the gods of gold and silver, of brass and iron and wood and stone.
καὶ ἠλόγουν τὰ εἰδῶλα τὰ χειροποίητα αὐτῶν καὶ τὸν θεὸν τοῦ αἰῶνος οὐκ εὐλόγησαν τὸν ἔχοντα τὴν ἐξουσίαν τοῦ πνεύματος αὐτῶν
- 5 Yo rete konsa, yo wè yon men moun parèt. Li pran ekri sou miray palè a, kote limyè lanp lan te pi klere a. Wa a wè bout men ki t'ap ekri a.
In that very hour the fingers of a man's hand were seen, writing opposite the support for the light on the white wall of the king's house, and the king saw the part of the hand which was writing.
ἐν αὐτῇ τῇ ὥρᾳ ἐκείνῃ ἐξῆλθον δάκτυλοι ὡσεὶ χειρὸς ἀνθρώπου καὶ ἔγραψαν ἐπὶ τοῦ τοίχου τοῦ οἴκου αὐτοῦ ἐπὶ τοῦ κονιάματος κατέναντι τοῦ φωτὸς ἐναντι τοῦ βασιλέως βαλτασαρ καὶ εἶδε χεῖρα γράφουσαν
- 6 Li chanje koulè, li vin pè. Li santi tout kò l' aprale, jenou l' yo pran tranble.
Then the colour went from the king's face, and he was troubled by his thoughts; strength went from his body, and his knees were shaking.
καὶ ἡ ὄρασις αὐτοῦ ἠλλοιώθη καὶ φόβοι καὶ ὑπνοῖαι αὐτὸν κατέσπευδον ἔσπευσεν οὖν ὁ βασιλεὺς καὶ ἐξανέστη καὶ ἐώρα τὴν γραφὴν ἐκείνην καὶ οἱ συνεταῖροι κύκλω αὐτοῦ ἐκαυχῶντο
- 7 Li rele byen fò, li mande pou fè chache tout divinò, tout moun ki li zetwal ak tout nèg save ki rete lavil Babilòn yo. Lè yo vini, wa a di yo konsa: -Nenpòt moun ki ka li sa ki ekri la a, lèfini ki ka fè m' konnen sa li vle di, m'ap mete gwo manto wouj la sou li, m'ap pase yon chenn an lò nan kou l'. Apre sa, m'ap ba li twazyèm plas apre m' nan gouvènman m' lan.
The king, crying out with a loud voice, said that the users of secret arts, the Chaldeans, and the readers of signs, were to be sent for. The king made answer and said to the wise men of Babylon, Whoever is able to make out this writing, and make clear to me the sense of it, will be clothed in purple and have a chain of gold round his neck, and will be a ruler of high authority in the kingdom.
καὶ ὁ βασιλεὺς ἐφώνησε φωνῇ μεγάλῃ καλέσαι τοὺς ἐπαιδοὺς καὶ φαρμακοὺς καὶ χαλδαίους καὶ γαζαρηνοὺς ἀπαγγεῖλαι τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς καὶ εἰσεπορεύοντο ἐπὶ θεωρίαν ἰδεῖν τὴν γραφὴν καὶ τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς οὐκ ἐδύνατο συγκρίναι τῷ βασιλεῖ τότε ὁ βασιλεὺς ἐξέθηκε πρόσταγμα λέγων πᾶς ἀνὴρ ὃς ἂν ὑποδείξῃ τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς στολαεῖ αὐτὸν πορφύραν καὶ μαριάκην χρυσὸν περιθήσει αὐτῷ καὶ δοθήσεται αὐτῷ ἐξουσία τοῦ τρίτου μέρους τῆς βασιλείας
- 8 Tout nèg save wa yo valse. Men, pa t' gen yonn ladan yo ki te ka li sa ki ekri a, ale wè pou yo ta fè l' konnen sa li vle di.
Then all the king's wise men came in: but they were not able to make out the writing or give the sense of it to the king.
καὶ εἰσεπορεύοντο οἱ ἐπαιδοὶ καὶ φαρμακοὶ καὶ γαζαρηνοὶ καὶ οὐκ ἠδύνατο οὐδεὶς τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς ἀπαγγεῖλαι
- 9 Wa a vin pi pè toujou, figi l' pèdi koulè. Tout chèf yo menm pa t' konn sa pou yo fè.
Then King Belshazzar was greatly troubled and the colour went from his face, and his lords were at a loss.
τότε ὁ βασιλεὺς ἐκάλεσε τὴν βασίλισσαν περὶ τοῦ σημείου καὶ ὑπέδειξεν αὐτῇ ὡς μέγα ἐστὶ καὶ ὅτι πᾶς ἀνθρώπος οὐ δύναται ἀπαγγεῖλαι τῷ βασιλεῖ τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς
- 10 ¶ Larenn lan, manman wa a, tande tout pale fò wa a t'ap fè ansanm ak chèf li yo. Li antre nan sal resepsyon an. Li di konsa: -Monwa, mwen mande pou bondye yo ba ou lavi pou lontan ankò! Ou pa bezwen pèdi tèt ou, ou pa bezwen pè.
The queen, because of the words of the king and his lords, came into the house of the feast: the queen made answer and said, O King, have life for ever; do not be troubled by your thoughts or let the colour go from your face:
τότε ἡ βασίλισσα ἐμνήσθη πρὸς αὐτὸν περὶ τοῦ δανιηλ ὃς ἦν ἐκ τῆς αἰχμαλωσίας τῆς ἰουδαίας

- 11 Gen yon moun nan peyi ou la ki gen lespri bondye nan syèl yo nan li. Lè papa ou te la, nèg sa a te moutre jan li gen anpil lespri, anpil konesans ak anpil bon konprann sou li tankou bondye yo. Lè sa a, papa ou, wa Nèbikadneza, te nonmen l' chèf sou tout divinò, tout majisyen, tout moun ki li zetwal ak tout nèg save yo.
 There is a man in your kingdom in whom is the spirit of the holy gods; and in the days of your father, light and reason like the wisdom of the gods were seen in him: and King Nebuchadnezzar, your father, made him master of the wonder-workers, and the users of secret arts, and the Chaldaeans, and the readers of signs;
 και εἶπε τῷ βασιλεῖ ὁ ἄνθρωπος ἐπιστήμων ἦν και σοφὸς και ὑπερέχων πάντας τοὺς σοφοὺς βαβυλωνος
- 12 Danyèl sa a, papa ou te rele l' Beltechaza. Li te gen yon gwo lespri nan li, anpil konesans ak anpil konprann kifè li te konn esplike rèv ak tout bagay moun pa konprann. Li te jwenn solisyon pou tout pwoblèm. Fè chache Danyèl sa a, l'a fè ou konnen sa tout bagay sa yo vle di.
 Because a most special spirit, and knowledge and reason and the power of reading dreams and unfolding dark sayings and answering hard questions, were seen to be in him, even in Daniel (named Belteshazzar by the king): now let Daniel be sent for, and he will make clear the sense of the writing.
 και πνεῦμα ἅγιον ἐν αὐτῷ ἐστι και ἐν ταῖς ἡμέραις τοῦ πατρὸς σου τοῦ βασιλέως συγκρίματα ὑπέρογκα ὑπέδειξε ναβουχοδοноσορ τῷ πατρί σου
- 13 Yo mennen Danyèl devan wa a. Wa a di li: -Se ou menm Danyèl, yonn nan jwif wa Nèbikadneza, papa m', te depòte soti nan peyi Jida mennen isit la?
 Then they took Daniel in before the king; the king made answer and said to Daniel, So you are that Daniel, of the prisoners of Judah, whom my father took out of Judah.
 τότε δανιηλ εἰσήχθη πρὸς τὸν βασιλέα και ἀποκριθεὶς ὁ βασιλεὺς εἶπεν αὐτῷ
- 14 Mwen tande ou gen bondye yo avè ou. Ou se yon nonm ki gen anpil lespri, anpil konesans ak anpil bon konprann.
 And I have had news of you, that the spirit of the gods is in you, and that light and reason and special wisdom have been seen in you.
- 15 Yo mennen nèg save ak moun ki li zetwal pou yo li sa ki ekri la a, lèfini pou yo fè m' konnen sa li vle di. Men yo pa t' kapab.
 And now the wise men, the users of secret arts, have been sent in before me for the purpose of reading this writing and making clear to me the sense of it: but they are not able to make clear the sense of the thing:
- 16 Koulye a, mwen tande ou ka bay esplikasyon pou tout bagay moun pa konprann, ou jwenn solisyon pou tout pwoblèm. Si ou ka li sa ki ekri la a, si ou fè m' konnen sa li vle di, m'ap mete gwo manto wouj la sou ou, m'ap pase yon chenn an lò nan kou ou. Lèfini, m'ap ba ou twazyèm plas apre m' nan gouvènman m' lan.
 And I have had news of you, that you have the power of making things clear, and of answering hard questions: now if you are able to make out the writing and give me the sense of it, you will be clothed in purple and have a gold chain round your neck and be a ruler of high authority in the kingdom.
 ὃ δανιηλ δύνῃ μοι ὑποδείξει τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς και στολιῶ σε πορφύραν και μανιάκην χρυσοῦν περιθήσω σοι και ἔξεις ἐξουσίαν τοῦ τρίτου μέρους τῆς βασιλείας μου
- 17 Danyèl reponn wa a: -Ou mèt kenbe kado ou yo pou ou, osinon bay lòt moun yo. Men tout jan, monwa, m'ap li sa ki ekri a pou ou, lèfini m'ap fè ou konnen sa li vle di.
 Then Daniel made answer and said to the king, Keep your offerings for yourself, and give your rewards to another; but I, after reading the writing to the king, will give him the sense of it.
 τότε δανιηλ ἔστη κατέναντι τῆς γραφῆς και ἀνέγνω και οὕτως ἀπεκρίθη τῷ βασιλεῖ αὕτη ἡ γραφή ἠρίθμηται καταλογίσθη ἐξῆρται και ἔστη ἡ γράψασα χεὶρ και αὕτη ἡ σύγκρισις αὐτῶν
- 18 Monwa, Bondye ki anwo nan syèl la te fè papa ou, Nèbikadneza, wa. Li te ba li pouvwa, otorite ak anpil bèl bagay.
 As for you, O King, the Most High God gave to Nebuchadnezzar, your father, the kingdom and great power and glory and honour:
- 19 Bondye te sitèlman ba li pouvwa, tout pèp, moun tout ras, moun ki pale tout kalite lang te pè l'. Yo te tranble devan l'. Li te touye moun li vle, li te kite moun li vle viv. Li moute moun grad, li desann moun grad jan li vle.
 And because of the great power he gave him, all peoples and nations and languages were shaking in fear before him: some he put to death and others he kept living, at his pleasure, lifting up some and putting others down as it pleased him.
- 20 Men, li kite lògèy vire tèt li, li vin mechan anpil, li santi li pa kanmarad pesonn. Se konsa yo wete l' sou fotèy wa a, li pèdi bèl plas sa a.
 But when his heart was lifted up and his spirit became hard with pride, he was put down from his place as king, and they took his glory from him:
- 21 Yo mete l' deyò, yo voye l' byen lwen, yo pa kite l' mache sou moun. Lespri li tonnen tankou lespri yon bèt. Li rete menm kote avèk bourik mawon, li manje zèb tankou bèt, lawouze bat li kou bèt seren. Lèfini, li rekonèt se Bondye ki anwo nan syèl la ki kontwole tout chèf sou latè, se li menm ki bay moun li vle dwa pou yo gouvènèn.
 And he was sent out from among the sons of men; and his heart was made like the beasts', and he was living with the asses of the fields; he had grass for his food like the oxen, and his body was wet with the dew of heaven, till he was certain that the Most High is ruler in the kingdom of men, and gives power over it to anyone at his pleasure.
- 22 Men, ou menm Bèlchaza, pitit li, ou pa t' soumèt devan l', atout ou te konnen tout bagay sa yo.
 And you, his son, O Belshazzar, have not kept your heart free from pride, though you had knowledge of all this;

- 23 Ou menm tou, ou kenbe tèt ak Seyè ki nan syèl la, ou fè yo pote veso yo te pran nan tanp li a ba ou. Epi ou menm, chèf ou yo, madanm ou yo ak fanm kay ou yo, nou bwè diven ladan yo. Nou fè lwanj pou bondye fèt an lò, an ajan, an kwiv, an fè, an bwa, an wòch, bondye ki pa ka wè, ki pa ka tanpe, ki pa konn anyen. Men, monwa, Bondye ki kenbe lavi ou nan men l' lan, li menm ki kontwole tou sa w'ap fè yo, ou pa fè lwanj li.
But you have been lifting yourself up against the Lord of heaven, and they have put the vessels of his house before you, and you and your lords, your wives and your women, have taken wine in them; and you have given praise to gods of silver and gold, of brass and iron and wood and stone, who are without the power of seeing or hearing, and without knowledge: and to the God in whose hand your breath is, and whose are all your ways, you have not given glory;
βασιλεῦ σὺ ἐποιήσω ἐστιατορίαν τοῖς φίλοις σου καὶ ἐπινες οἶνον καὶ τὰ σκεῦη τοῦ οἴκου τοῦ θεοῦ τοῦ ζῶντος ἠνέχθη σοὶ καὶ ἐπίνετε ἐν αὐτοῖς σὺ καὶ οἱ μεγιστάνες σου καὶ ἠνέσατε πάντα τὰ εἶδωλα τὰ χειροποίητα τῶν ἀνθρώπων καὶ τῷ θεῷ τῷ ζῶντι οὐκ εὐλόγησατε καὶ τὸ πνεῦμά σου ἐν τῇ χειρὶ αὐτοῦ καὶ τὸ βασιλείῳ σου αὐτὸς ἔδωκε σοὶ καὶ οὐκ εὐλόγησας αὐτὸν οὐδὲ ἤνεσας αὐτῷ
- 24 Se poutèt sa Bondye voye bout men sa a ekri pawòl sa yo.
Then the part of the hand was sent out from before him, and this writing was recorded.
- 25 Men sa ki ekri: Konte. Konte. Peze. Separe.
And this is the writing which was recorded, Mene, tekkel, peres.
- 26 Men sa sa vle di: Konte: Bondye konte konbe jou depi ou wa, li pral mete yon bout nan sa.
This is the sense of the words: Mene; your kingdom has been numbered by God and ended.
26-28 τοῦτο τὸ σύγκριμα τῆς γραφῆς ἠρίθμηται ὁ χρόνος σου τῆς βασιλείας ἀπολήγει ἡ βασιλεία σου συντέμνηται καὶ συντετέλεσται ἡ βασιλεία σου τοῖς μήθοις καὶ τοῖς πέρσαις δίδοται
- 27 Peze: Li mete ou nan balans, li jwenn ou manke pèz.
Tekel; you have been put in the scales and seen to be under weight.
26-28
- 28 Separe: yo pral separe peyi ki sou lòd ou a bay moun Medi yo ak moun Pès yo.
Peres; your kingdom has been cut up and given to the Medes and Persians.
26-28
- 29 Lamenm, wa Bèlchaza bay lòd pou yo mete gwo manto wouj la sou Danyèl, pou yo pase yon chenn an lò nan kou li, lèfini pou yo fè tout moun konnen Danyèl se twazyèm chèf apre li nan gouvènman peyi kote l' wa a.
Then, by the order of Belshazzar, they put a purple robe on Daniel, and a gold chain round his neck, and a public statement was made that he was to be a ruler of high authority in the kingdom.
τότε βαλτασαρ ὁ βασιλεὺς ἐνέδυσε τὸν δανιηλ πορφύραν καὶ μαριάκην χρυσοῦν περιέθηκεν αὐτῷ καὶ ἔδωκεν ἐξουσίαν αὐτῷ τοῦ τρίτου μέρους τῆς βασιλείας αὐτοῦ
- 30 ¶ Menm jou lannwit sa a, yo touye Bèlchaza, wa lavil Babilòn lan.
That very night Belshazzar, the king of the Chaldaeans, was put to death.
καὶ τὸ σύγκριμα ἐπῆλθε βαλτασαρ τῷ βασιλεῖ καὶ τὸ βασιλείῳ ἐξήρται ἀπὸ τῶν χαλδαίων καὶ ἐδόθη τοῖς μήθοις καὶ τοῖς πέρσαις
- 1 ¶ Dariyis deside chwazi sanven (120) prefè li mete chèf nan tout peyi a.
¶5:31¶And Darius the Mede took the kingdom, being then about sixty-two years old.
καὶ ἀρταξέρξης ὁ τῶν μῆδων παρέλαβε τὴν βασιλείαν καὶ δαρεῖος πλήρης τῶν ἡμερῶν καὶ ἐνδοξος ἐν γῆρει
- 2 Lèfini, li chwazi Danyèl ak de lòt moun li mete alatèt prefè yo. Reskonsablite yo se te kontwole travay prefè yo pou yo te ka defann enterè wa a.
¶6:1¶Darius was pleased to put over the kingdom a hundred and twenty captains, who were to be all through the kingdom;
καὶ κατέστησε σατράπας ἑκατὸν εἴκοσι ἐπτά ἐπὶ πάσης τῆς βασιλείας αὐτοῦ
- 3 Danyèl sa a te fè travay li pi byen pase tout lòt gwo chèf ak prefè yo paske li te gen lespri pase yo. Se konsa wa a te fè lide mete l' reskonsab tout peyi a.
¶6:2¶And over them were three chief rulers, of whom Daniel was one; and the captains were to be responsible to the chief rulers, so that the king might undergo no loss.
καὶ ἐπ' αὐτῶν ἄνδρας τρεῖς ἡγουμένους αὐτῶν καὶ δανιηλ εἷς ἦν τῶν τριῶν ἀνδρῶν
- 4 Lè sa a, lòt gwo chèf yo ansanm ak prefè yo t'ap chache yon okazyon pou yo antrave Danyèl nan travay leta a. Men, yo pa t' ka jwenn anyen pou yo repwoche l' sitèlman Danyèl te yon nonm serye nan tou sa l'ap fè. Li pa t' pote ankenn neglijan ni pa t' gen ankenn mank nan travay li.
¶6:3¶Then this Daniel did his work better than the chief rulers and the captains, because there was a special spirit in him; and it was the king's purpose to put him over all the kingdom.
ὕπερ πάντας ἔχων ἐξουσίαν ἐν τῇ βασιλείᾳ καὶ δανιηλ ἦν ἐνδεδυμένος πορφύραν καὶ μέγας καὶ ἐνδοξος ἐναντὶ δαρείου τοῦ βασιλέως καθότι ἦν ἐνδοξος καὶ ἐπιστήμων καὶ συνετός καὶ πνεῦμα ἅγιον ἐν αὐτῷ καὶ εὐδοκίμος ἐν ταῖς πραγματείαις τοῦ βασιλέως αἷς ἔπρασσε τότε ὁ βασιλεὺς ἐβουλεύσατο καταστήσαι τὸν δανιηλ ἐπὶ πάσης τῆς βασιλείας αὐτοῦ καὶ τοὺς δύο ἄνδρας οὓς κατέστησε μετ' αὐτοῦ καὶ σατράπας ἑκατὸν εἴκοσι ἐπτά

- 5 Lè sa a yonn di lòt: -Nou pa ka jwenn anyen ki mal nan travay Danyèl ap fè a. Ann chache nan jan l'ap sèvi Bondye l' la.
Then Amaziah, the priest of Beth-el, sent to Jeroboam, king of Israel, saying, Amos has made designs against you among the people of Israel: the land is troubled by his words.
καὶ ἐξαπέστειλεν αμασιας ὁ ἱερεὺς βαιθηλ πρὸς ἱεροβοαμ βασιλέα ἰσραηλ λέγων συστροφὰς ποιεῖται κατὰ σοῦ ἀμωσ ἐν μέσῳ οἴκου ἰσραηλ οὐ μὴ δύνηται ἡ γῆ ὑπενεγκεῖν ἅπαντας τοὺς λόγους αὐτοῦ
- 11 Men sa l'ap mache di: Jewoboram gen pou l' mouri nan lagè. Y'ap pran moun Izrayèl yo lakay yo, y'ap depòte yo byen lwen nan peyi etranje.
For Amos has said, Jeroboam will be put to the sword, and Israel will certainly be taken away as a prisoner out of his land.
διότι τάδε λέγει ἀμωσ ἐν ῥομφαίᾳ τελευτήσῃ ἱεροβοαμ ὁ δὲ ἰσραηλ αἰχμάλωτος ἀχθήσεται ἀπὸ τῆς γῆς αὐτοῦ
- 12 Apre sa, Amatsya pale ak Amòs, li di l' konsa: -Divinò, al fè wout ou. Ale vit nan peyi Jida a! Al bay mesaj ou yo laba. Y'a peye ou pou sa!
And Amaziah said to Amos, O seer, go in flight into the land of Judah, and there get your living by working as a prophet:
καὶ εἶπεν αμασιας πρὸς ἀμωσ ὁ ὄρων βάδιζε ἐκχώρησον εἰς γῆν ἰουδα καὶ ἐκεῖ καταβίου καὶ ἐκεῖ προφητεύσεις
- 13 Men isit la, lavil Betèl, pito ou sispann bay mesaj ou yo si ou konn bout! Paske, se isit la wa a vin adore. Se yon tanp nasyonal pou tout peyi a.
But be a prophet no longer at Beth-el: for it is the holy place of the king, and the king's house.
εἰς δὲ βαιθηλ οὐκέτι μὴ προσθῆς τοῦ προφητεῦσαι ὅτι ἁγίασμα βασιλέως ἐστὶν καὶ οἶκος βασιλείας ἐστὶν
- 14 Amòs reponn Amatsya: -Monchè, pwofèt pa metye m'. Nitou, mwen pa fè pati sosyete moun k'ap fè metye pwofèt. Metye m' se gade bèt, se okipe pye sikomò.
Then Amos in answer said to Amaziah, I am no prophet, or one of the sons of the prophets; I am a herdman and one who takes care of sycamore-trees:
καὶ ἀπεκρίθη ἀμωσ καὶ εἶπεν πρὸς αμασιαν οὐκ ἤμην προφήτης ἐγὼ οὐδὲ υἱὸς προφήτου ἀλλ' ἦ αἰπόλος ἤμην καὶ κνίζων συκάμινα
- 15 Men, Seyè a pran m' nan pye travay mwen, deyè bèt mwen yo, li ban m' lòd pou m' al fè pèp Izrayèl la konnen mesaj li voye ba yo.
And the Lord took me from the flock, and the Lord said to me, Go, be a prophet to my people Israel.
καὶ ἀνέλαβέν με κύριος ἐκ τῶν προβάτων καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με βάδιζε προφήτευσον ἐπὶ τὸν λαόν μου ἰσραηλ

- 16 Koulve a menm, koute pawòl Seyè a voye di ou: Ou menm w'ap mande m' pou m' pa bay ankenn mesaj sou pèp Izrayèl la, pou m' sispann pale sou pitit Izarak yo.
Now then, give ear to the word of the Lord: You say, Be no prophet to Israel, and say not a word against the people of Isaac.
καὶ ὧν ἄκουε λόγον κυρίου σὺ λέγεις μὴ προφήτευσ ἐπὶ τὸν Ἰσραὴλ καὶ οὐ μὴ ὀχλαγωγῆσῃς ἐπὶ τὸν οἶκον ἰακώβ
- 17 Poutèt sa, Amatsya, men sa Seyè a di: Madanm ou ap tounen jennès nan lavil la! Pitit gason ou yo ak pitit fi ou yo ap mouri nan lagè! Y'ap pran tè ou yo, y'ap separe yo moso pa moso. Ou menm, ou gen pou ou mouri nan yon peyi etranje kote yo pa sèvi Seyè a. Pèp Izrayèl la menm, y'ap pran l', y'ap depòte l' byen lwen peyi l'.
So this is what the Lord has said: Your wife will be a loose woman in the town, and your sons and your daughters will be put to the sword, and your land will be cut up into parts by a line; and you yourself will come to your end in an unclean land, and Israel will certainly be taken away a prisoner out of his land.
διὰ τοῦτο τάδε λέγει κύριος ἡ γυνὴ σου ἐν τῇ πόλει πορνεύσει καὶ οἱ υἱοὶ σου καὶ αἱ θυγατέρες σου ἐν ῥομφαίᾳ πεσοῦνται καὶ ἡ γῆ σου ἐν σχοινίῳ καταμετρηθήσεται καὶ σὺ ἐν γῆ ἀκαθάρτῳ τελευτήσῃς εἰς ὃ δὲ Ἰσραὴλ αἰχμάλωτος ἀχθήσεται ἀπὸ τῆς γῆς αὐτοῦ
- 1 ¶ Se konsa, Seyè a, Bondye a, fè m' fè yon lòt vizyon. Nan vizyon an, mwen wè yon panyen plen fwi mi.
This is what the Lord God let me see: and I saw a basket of summer fruit.
οὕτως ἔδειξέν μοι κύριος καὶ ἰδοὺ ἄγγος ἰξευτοῦ
- 2 Seyè a mande m': -Kisa ou wè la a, Amòs? Mwen reponn: -Yon panyen fwi mi. Lè sa a, Seyè a di m' konsa: -Izrayèl, pèp mwen an, mi tou. Li rive sou dènye jou l' yo. Mwen p'ap chanje lide pou m' fè pa l' ankò.
And he said, Amos, what do you see? And I said, A basket of summer fruit. Then the Lord said to me, The end has come to my people Israel; never again will my eyes be shut to their sin.
καὶ εἶπεν τί σὺ βλέπεις ἀμὸς καὶ εἶπα ἄγγος ἰξευτοῦ καὶ εἶπεν κύριος πρὸς με ἦκει τὸ πέρασ ἐπὶ τὸν λαόν μου Ἰσραὴλ οὐκέτι μὴ προσθῶ τοῦ παρελθεῖν αὐτόν
- 3 Jou sa a, se p'ap chante ki va gen nan palè a, se va rèl. Se Seyè a menm ki di sa. Va gen anpil kadav toupatou. Y'a voye yo jete san di krik.
And the songs of the king's house will be cries of pain in that day, says the Lord God: great will be the number of the dead bodies, and everywhere they will put them out without a word.
καὶ ὀλολύξει τὰ φατώματα τοῦ ναοῦ ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ λέγει κύριος πολὺς ὁ πεπτωκὸς ἐν παντὶ τόπῳ ἐπιρρίψω σιωπῆν
- 4 ¶ Koute byen sa m'ap di nou la a, nou menm k'ap kraze pòn malere yo anba pye nou, nou menm k'ap fini ak malere yo nan peyi a.
Give ear to this, you who are crushing the poor, and whose purpose is to put an end to those who are in need in the land,
ἀκούσατε δὴ ταῦτα οἱ ἐκτριβόντες εἰς τὸ πρῶν πένητα καὶ καταδυναστεύοντες πτωχοὺς ἀπὸ τῆς γῆς
- 5 N'ap plede di: Kilè fèt lalin nouvèl lan va pase pou nou ka vann diri nou? Kilè jou repo a va pase pou nou ka louvri depo nou yo pou nou vann? Lè sa a, n'a moute pri tout bagay, n'a sèvi ak fo mezi, n'a ranje balans yo pou nou ka twonpe pratik yo.
Saying, When will the new moon be gone, so that we may do trade in grain? and the Sabbath, so that we may put out in the market the produce of our fields? making the measure small and the price great, and trading falsely with scales of deceit;
οἱ λέγοντες πότε διελεύσεται ὁ μῆν καὶ ἐμπολήσομεν καὶ τὰ σάββατα καὶ ἀνοίξομεν θησαυροὺς τοῦ ποιῆσαι μικρὸν μέτρον καὶ τοῦ μεγαλῶναι στάθμια καὶ ποιῆσαι ζυγὸν ἄδικον
- 6 N'a pran moun serye ki pa ka peye dèt yo, n'a achte yo pou sèvi esklav. N'a pran pòn malere ki pa gen senk, n'a achte yo pou pri yon pè sapat. N'a vann ata pay diri a pou gwo lajan.
Getting the poor for silver, and him who is in need for the price of two shoes, and taking a price for the waste parts of the grain.
τοῦ κτᾶσθαι ἐν ἀργυρίῳ πτωχοὺς καὶ ταπεινὸν ἀντὶ ὑποδημάτων καὶ ἀπὸ παντὸς γενήματος ἐμπορευσόμεθα
- 7 Seyè a fè sèman sou tèt li, li menm ki Bondye pèp Izrayèl la: Mwen p'ap janm bliye yonn nan move zak nou fè yo.
The Lord has taken an oath by the pride of Jacob, Truly I will ever keep in mind all their works.
ὁμνύει κύριος καθ' ὑπερηφανίας ἰακώβ εἰ ἐπιλήσθήσεται εἰς νεῖκος πάντα τὰ ἔργα ὑμῶν
- 8 Se konsa latè pral pran tranble. Tout moun nan peyi a pral pran rele. Tout peyi a pral souke. L'ap moute, l'ap gonfle, apre sa l'ap desann tankou dlo larivyè Nil nan peyi Lejip.
Will not the land be shaking with fear because of this, and everyone in it have sorrow? and all of it will be overflowing like the River; and it will be troubled and go down again like the River of Egypt.
καὶ ἐπὶ τούτοις οὐ ταραχθήσεται ἡ γῆ καὶ πενήσει πᾶς ὁ κατοικῶν ἐν αὐτῇ καὶ ἀναθήσεται ὡς ποταμὸς συντέλεια καὶ καταβήσεται ὡς ποταμὸς αἰγύπτου
- 9 Men pawòl Seyè a, Bondye a: Jou sa a, m'ap fè solèy la kouche gwo midi. Fènwa ap tonbe sou peyi a gwo lajounen.
And it will come about in that day, says the Lord God, that I will make the sun go down in the middle of the day, and I will make the earth dark in daylight:
καὶ ἔσται ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ λέγει κύριος ὁ θεὸς καὶ δύσεται ὁ ἥλιος μεσημβρίας καὶ συσκοτάσει ἐπὶ τῆς γῆς ἐν ἡμέρᾳ τὸ φῶς

- 10 M'ap fè nou sispann fè fèt. N'a nan gwo lapenn. M'ap fè nou sispann chante, n'a nan rele. M'ap fè nou mete rad sak kòlèt sou nou. N'a kale tèt nou. M'ap fè nou tonbe nan lapenn tankou moun k'ap kriye pou sèl pitit gason yo ki mouri. Se nan kè sere jounen sa a ap fini pou tout moun.
Your feasts will be turned into sorrow and all your melody into songs of grief; everyone will be clothed with haircloth, and the hair of every head will be cut; I will make the weeping like that for an only son, and the end of it like a bitter day.
καὶ μεταστρέψω τὰς ἑορτὰς ὑμῶν εἰς πένθος καὶ πάσας τὰς ψῆδὰς ὑμῶν εἰς θρήνον καὶ ἀναβιβῶ ἐπὶ πᾶσαν ὄσφιν σάκκων καὶ ἐπὶ πᾶσαν κεφαλὴν φαλάκρωμα καὶ θήσομαι αὐτὸν ὡς πένθος ἀγαπητοῦ κ αὶ τοῦς μετ' αὐτοῦ ὡς ἡμέραν ὀδύνης
- 11 ¶ Men yon jou gen pou rive. Jou sa a, mwen pral voye yon sèl grangou sou peyi a. Se p'ap dèyè pen pou yo manje, ni dèyè dlo pou yo bwè y'a kouri. Men, se mesaj ki soti nan bouch Seyè a y'a anvè tandè. Se Seyè a menm ki di sa.
See, the days are coming, says the Lord God, when I will send times of great need on the land, not need of food or desire for water, but for hearing the words of the Lord.
ἰδοὺ ἡμέραι ἔρχονται λέγει κύριος καὶ ἐξαποστελῶ λιμὸν ἐπὶ τὴν γῆν οὐ λιμὸν ἄρτου οὐδὲ δίψαν ὕδατος ἀλλὰ λιμὸν τοῦ ἀκοῦσαι λόγον κυρίου
- 12 Lè sa a, moun va pran kouri soti nan n o al nan sid, soti nan lès al nan lwès. Y'a mache toupatou ap chache yon pawòl nan bouch Seyè a. Men, yo p'ap jwenn.
And they will go wandering from sea to sea, and from the north even to the east, running here and there in search of the word of the Lord, and they will not get it.
καὶ σαλευθήσονται ὕδατα ἕως θαλάσσης καὶ ἀπὸ βορρᾶ ἕως ἀνατολῶν περιδραμοῦνται ζητοῦντες τὸν λόγον κυρίου καὶ οὐ μὴ εὔρωσιν
- 13 Nan tan sa a, bèl jenn fi yo ak jenn gason yo va tonbe feblès paske yo p'ap jwenn sa y'ap pwonmennen chache a.
In that day the fair virgins and the young men will be feeble from need of water.
ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκεῖνη ἐκλείψουσιν αἱ παρθένοι αἱ καλαὶ καὶ οἱ νεανίσκοι ἐν δίψει
- 14 Kanta pou moun k'ap fè sèman sou Achima, zidòl peyi Samari a, moun sa yo k'ap plede di: Anverite bondye Dann lan! Anverite bondye Bècheba a! yo gen pou yo tonbe pou yo pa janm ka leve ankò.
Those who make their oaths by the sin of Samaria and say, By the life of your God, O Dan; and, By the living way of Beer-sheba; even they will go down, never again to be lifted up.
οἱ ὀμνύοντες κατὰ τοῦ ἱλασμοῦ σαμαρείας καὶ οἱ λέγοντες ζῆ ὁ θεός σου δαν καὶ ζῆ ὁ θεός σου βηρσαβεε καὶ πεσοῦνται καὶ οὐ μὴ ἀναστῶσιν ἔτι
- 1 ¶ Mwen fè yon vizyon, mwen wè Seyè a kanpe sou lotèl la. Li di konsa: -Frape tèt potò tanp lan jouk tout galeri a tranble. Kraze tèt potò yo pou yo tonbe an miyèt moso sou tèt moun yo. Rèl ki pa mouri a, m'ap touye yo nan lagè. Yo yonn p'ap chape, yo yonn p'ap sove.
I saw the Lord stationed by the side of the altar, giving blows to the tops of the pillars so that the doorsteps were shaking; and he said, I will let all of them be broken with earth-shocks; I will put the last of them to the sword: if any one of them goes in flight he will not get away, not one of them will be safe.
εἶδον τὸν κύριον ἐφεστῶτα ἐπὶ τοῦ θυσιαστηρίου καὶ εἶπεν πάταξον ἐπὶ τὸ ἱλαστήριον καὶ σεισθήσεται τὰ πρόπυλα καὶ διάκωπον εἰς κεφαλὰς πάντων καὶ τοὺς καταλοίπους αὐτῶν ἐν ῥομφαίᾳ ἀποκτενῶ οὐ μὴ διαφύγη ἐξ αὐτῶν φεύγων καὶ οὐ μὴ διασωθῆ ἐξ αὐτῶν ἀνασφζόμενος
- 2 Menm si yo fouye twou pou yo antre nan peyi kote mò yo ye a, m'ap rale yo met deyò. Menm si yo ta moute anwo nan syèl la, m'ap rale yo desann.
Even if they go deep into the underworld, my hand will take them up from there; if they go up to heaven, I will get them down:
ἐὰν κατορυγῶσιν εἰς ἕδου ἐκεῖθεν ἡ χεὶρ μου ἀνασπάσει αὐτούς καὶ ἐὰν ἀναβῶσιν εἰς τὸν οὐρανὸν ἐκεῖθεν κατὰξω αὐτούς
- 3 Si y' al kache sou tèt mòn Kamèl, m'ap chache yo, m'ap mete men sou yo. Si y' al kache pou mwen nan fon lanmè, m'ap bay gwo sèpan lanmè a lòd pou l' mòde yo.
Though they take cover on the top of Carmel, I will go in search of them and get them out; though they keep themselves from my eyes in the bed of the sea, I will give orders to the great snake there and he will give them a bite:
ἐὰν ἐγκρυβῶσιν εἰς τὴν κορυφὴν τοῦ καρμήλου ἐκεῖθεν ἐξερευνήσω καὶ λήψομαι αὐτούς καὶ ἐὰν καταδύσωσιν ἐξ ὀφθαλμῶν μου εἰς τὰ βάθη τῆς θαλάσσης ἐκεῖ ἐντελοῦμαι τῷ δράκοντι καὶ δήξεται αὐτούς
- 4 Si lènmi fè yo prizonye pou l' ta mennen yo ale kite peyi yo a, m'ap bay lòd touye yo. M'ap voye je m' sou yo. Men, fwa sa a, se p'ap pou byen yo, se va pou malè yo.
And though they are taken away as prisoners by their attackers, even there will I give orders to the sword to put them to death: my eyes will be fixed on them for evil and not for good.
καὶ ἐὰν πορευθῶσιν ἐν αἰχμαλωσίᾳ πρὸ προσώπου τῶν ἐχθρῶν αὐτῶν ἐκεῖ ἐντελοῦμαι τῇ ῥομφαίᾳ καὶ ἀποκτενεῖ αὐτούς καὶ στηριῶ τοὺς ὀφθαλμούς μου ἐπ' αὐτούς εἰς κακὰ καὶ οὐκ εἰς ἀγαθὰ
- 5 Seyè a, Bondye ki gen tout pouw a, ap annik manyen latè, latè ap pran tranble. Tout moun ki rete sou latè ap nan lapenn. Latè ap moute, l'ap gonfle, epi l'ap bese tankou dlo lariyè Nil.
For the Lord, the God of armies, is he at whose touch the land is turned to water, and everyone in it will be given up to sorrow; all of it will be overflowing like the River, and will go down again like the River of Egypt;
καὶ κύριος κύριος ὁ θεὸς ὁ παντοκράτωρ ὁ ἐφαπτόμενος τῆς γῆς καὶ σαλευῶν αὐτήν καὶ πενθήσουσιν πάντες οἱ κατοικοῦντες αὐτήν καὶ ἀναβήσεται ὡς ποταμὸς συντέλεια αὐτῆς καὶ καταβήσεται ὡς ποταμὸς αἰγύπτου
- 6 Seyè a bati kay li anwo nan syèl la. Li mete vout syèl la anlè latè. Li rale dlo lanmè a, li vide l' sou tout latè. Yo rele li Seyè. Wi, se konsa yo rele l'.
It is he who makes his rooms in the heaven, basing his arch on the earth; whose voice goes out to the waters of the sea, and sends them flowing over the face of the earth; the Lord is his name.
ὁ οἰκοδομῶν εἰς τὸν οὐρανὸν ἀνάβασιν αὐτοῦ καὶ τὴν ἐπαγγελίαν αὐτοῦ ἐπὶ τῆς γῆς θεμελιῶν ὁ προσκαλούμενος τὸ ὕδωρ τῆς θαλάσσης καὶ ἐκγέων αὐτὸ ἐπὶ πρόσωπον τῆς γῆς κύριος ὁ θεὸς ὁ παντοκράτωρ ὄνομα αὐτοῦ

- 7 Men sa Seyè a di ankò: Nou menm, moun Izrayèl yo, mwen konsidere nou koulye a menm jan ak moun Letiopi yo. Se mwen menm, pa vre, ki te fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip? Se pa mwen menm tou ki te fè moun Filisti yo soti kite lil Lakrèt, epi ki te fè moun Siri yo soti lavil Kir?
Are you not as the children of the Ethiopians to me, O children of Israel? says the Lord. Have I not taken Israel up out of the land of Egypt, and the Philistines from Caphtor, and the Aramaeans from Kir?
 οὐχ ὡς υἱοὶ αἰθίοπων ὑμεῖς ἐστε ἐμοὶ υἱοὶ ἰσραὴλ λέγει κύριος οὐ τὸν ἰσραὴλ ἀνήγαγον ἐκ γῆς αἰγύπτου καὶ τοὺς ἄλλοφύλους ἐκ καππαδοκίας καὶ τοὺς σύρους ἐκ βόθρου
- 8 Mwen voye je m' sou pèp Izrayèl la, mwen wè jan yo lage kò yo nan fè sa ki mal. Mwen pral disparèt yo sou latè. Men, mwen p'ap fin touye tout pitit Jakòb yo nèt. Non. Mwen pa ka fè sa. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
See, the eyes of the Lord are on the evil kingdom, and I will put an end to it in all the earth; but I will not send complete destruction on Jacob, says the Lord.
 ἰδοὺ οἱ ὀφθαλμοὶ κυρίου τοῦ θεοῦ ἐπὶ τὴν βασιλείαν τῶν ἁμαρτωλῶν καὶ ἐξαρῶ αὐτὴν ἀπὸ προσώπου τῆς γῆς πλὴν ὅτι οὐκ εἰς τέλος ἐξαρῶ τὸν οἶκον ἰακωβ λέγει κύριος
- 9 Men, mwen pral pase yon lòd. Mwen pral vannen moun Izrayèl ki nan mitan lòt nasyon yo tankou yo vannen grenn nan laye. Pa menm yon bon grenn p'ap tonbe atè.
For see, I will give orders, and I will have Israel moved about among all the nations, as grain is moved about by the shaking of the tray, but not the smallest seed will be dropped on the earth.
 διότι ἰδοὺ ἐγὼ ἐντέλλομαι καὶ λικμῶ ἐν πᾶσι τοῖς ἔθνεσιν τὸν οἶκον τοῦ ἰσραὴλ ὃν τρόπον λικμᾶται ἐν τῷ λικμῷ καὶ οὐ μὴ πέση σύντριμμα ἐπὶ τὴν γῆν
- 10 Tout moun nan pèp la k'ap fè sa ki mal pral mouri nan lagè. Yo tout k'ap plede di: O wi, Bondye p'ap kite malè rive nou, ni li p'ap kite malè tonbe sou nou, yo tout pral mouri nan lagè.
All those sinners among my people will be put to the sword who say, Evil will not overtake us or come face to face with us.
 ἐν ῥομφαίᾳ τελεωθήσονται πάντες ἁμαρτωλοὶ λαοῦ μου οἱ λέγοντες οὐ μὴ ἐγγίση οὐδ' οὐ μὴ γένηται ἐφ' ἡμᾶς τὰ κακὰ
- 11 ¶ Seyè a di: Yon jou gen pou rive! Jou sa a, m'a mete peyi wa David la kanpe ankò sou de pye l'. Koulye a li tankou yon kay k'ap fin kraze. Lè sa a, m'a repare tout kote ki fann yo. M'a refè miray ki te fin kraze yo. M'ap rebati peyi a jan l' te ye nan tan lontan an.
In that day I will put up the tent of David which has come down, and make good its broken places; and I will put up again his damaged walls, building it up as in the past;
 ἐν τῇ ἡμέρᾳ ἐκείνῃ ἀναστήσω τὴν σκηνὴν δαυὶδ τὴν πεπτωκυῖαν καὶ ἀνοικοδομήσω τὰ πεπτωκότα αὐτῆς καὶ τὰ κατεσκαμμένα αὐτῆς ἀναστήσω καὶ ἀνοικοδομήσω αὐτὴν καθὼς αἱ ἡμέραι τοῦ αἰῶνος
- 12 Konsa, pèp Izrayèl la va pran posesyon pòsyon ki rete nan peyi Edon an. Y'a donminen ankò sou lòt nasyon mwen te fè yo. Se Seyè a ki di sa, se li menm menm k'ap fè sa rive konsa!
So that the rest of Edom may be their heritage, and all the nations who have been named by my name, says the Lord, who is doing this.
 ὅπως ἐκζητήσωσιν οἱ κατάλοιποι τῶν ἀνθρώπων καὶ πάντα τὰ ἔθνη ἐφ' οὓς ἐπικέκληται τὸ ὄνομά μου ἐπ' αὐτούς λέγει κύριος ὁ θεὸς ὁ ποιῶν ταῦτα
- 13 Jou yo ap vini. Lè sa a, yo p'ap kò fin ranmase rekòt, y'ap gen tan ap pare tè pou plante ankò. Yo p'ap kò fin kraze rezen pou fè diven, y'ap gen tan ap pare pou mete pye rezen nan tè ankò. Diven byen dous ap koule sou tout mòn yo, l'ap koule desann sou tout ti mòn yo. Se Seyè a menm ki di sa.
See, the days will come, says the Lord, when the ploughman will overtake him who is cutting the grain, and the crusher of the grapes him who is planting seed; and sweet wine will be dropping from the mountains, and the hills will be turned into streams of wine.
 ἰδοὺ ἡμέραι ἔρχονται λέγει κύριος καὶ καταλήμψεται ὁ ἀλοητὸς τὸν τρύγητον καὶ περκάσει ἡ σταφυλὴ ἐν τῷ σπόρῳ καὶ ἀποσταλάξει τὰ ὄρη γλυκασμόν καὶ πάντες οἱ βουνοὶ σύμφυτοι ἔσονται
- 14 M'ap mennen pèp mwen an tounen nan peyi l' ankò. Y'a rebati lavil ki te fin kraze yo, y'a rete ladan yo. Y'a plante jaden rezen, y'a bwè diven. Y'a fè bèl jaden, y'a manje rekòt jaden yo.
And I will let the fate of my people Israel be changed, and they will be building up again the waste towns and living in them; they will again be planting vine-gardens and taking the wine for their drink; and they will make gardens and get the fruit of them.
 καὶ ἐπιστρέψω τὴν αἰχμαλωσίαν λαοῦ μου ἰσραὴλ καὶ οἰκοδομήσουσιν πόλεις τὰς ἠφανισμένας καὶ κατοικήσουσιν καὶ καταφυτεύσουσιν ἀμπελώνας καὶ πίνονται τὸν οἶνον αὐτῶν καὶ φυτεύσουσιν κήπους καὶ φάγονται τὸν καρπὸν αὐτῶν
- 15 M'a plante pèp mwen an nan peyi yo a, nan peyi mwen te ba yo a. Pesonn p'ap janm ka derasinen yo ankò. Se Seyè a, Bondye a, ki pale.
And I will have them planted in their land, and never again will they be uprooted from their land which I have given them, says the Lord your God.
 καὶ καταφυτεύσω αὐτούς ἐπὶ τῆς γῆς αὐτῶν καὶ οὐ μὴ ἐκσπασθῶσιν οὐκέτι ἀπὸ τῆς γῆς αὐτῶν ἧς ἔδωκα αὐτοῖς λέγει κύριος ὁ θεὸς ὁ παντοκράτωρ .
- 1 ¶ Mesaj pwofèt Abdyas sou peyi Edon. Men mesaj Seyè a te ban mwen: Nou te tandè mesaj Seyè a te bay la. Li te voye mesaj li a nan tout nasyon yo pou di yo: Annavan! Leve non! Ann mache pran Edon! Ann al goumen avè l'!
The vision of Obadiah. This is what the Lord has said about Edom: We have had word from the Lord, and a representative has been sent among the nations, saying, Up! and let us make war against her.
 ὄρασις αβδιου τάδε λέγει κύριος ὁ θεὸς τῇ ἰδουμαίᾳ ἀκοίην ἤκουσα παρὰ κυρίου καὶ περιοχὴν εἰς τὰ ἔθνη ἐξαπέστειλεν ἀνάστητε καὶ ἐξαναστῶμεν ἐπ' αὐτὴν εἰς πόλεμον
- 2 Men sa Seyè a di moun peyi Edon yo: Mwen pral fè peyi nou an vin tou fèb nan mitan lòt nasyon yo. Tout moun pral meprize nou nèt!
See, I have made you small among the nations: you are much looked down on.
 ἰδοὺ ὀλιγοστὸν δέδωκά σε ἐν τοῖς ἔθνεσιν ἠτιμωμένος σὺ εἶ σφόδρα

- 3 Se awogans nou ki fè nou pèdi tèt nou. Nou bati kapital nou sou tèt gwo wòch yo. Nou moute kay nou byen wo nan mòn yo. Epi n'ap di nan kè nou: Ki moun ki ka fè nou desann la a!
You have been tricked by the pride of your heart, O you whose living-place is in the cracks of the rock, whose house is high up; who has said in his heart, Who will make me come down to earth?
ὕπερηφανία τῆς καρδίας σου ἐπήρην σε κατασκηνούντα ἐν ταῖς ὀπαῖς τῶν πετρῶν ὕψων κατοικίαν αὐτοῦ λέγων ἐν καρδίᾳ αὐτοῦ τίς με κατάρξει ἐπὶ τὴν γῆν
- 4 Nou te mèt bati kay nou byen wo tankou nich malfini, nou te mèt mete nich nou byen wo tankou si li te nan mitan zetwal yo, m'ap voye nou jete anba, m'ap fè nou desann. Se Seyè a menm ki di sa.
Though you go up on high like an eagle, though your house is placed among the stars, I will make you come down from there, says the Lord.
ἐὰν μετεωρισθῆς ὡς ἀετὸς καὶ ἐὰν ἀνὰ μέσον τῶν ἄστρων θῆς νοσσιάν σου ἐκεῖθεν κατάρξω σε λέγει κύριος
- 5 Lè vòlò antre lakay moun lannwit pou piye, yo annik pran sa yo bezwen. Lè moun ap ranmase rekòt rezen, yo toujou kite dèyè pou moun k'ap vin grapiye yo. Men, gade jan lènmi ravaje nou nèt ale non!
If thieves came, attacking you by night, (how are you cut off!) would they not go on taking till they had enough? if men came cutting your grapes would they take them all?
εἰ κλέπται εἰσῆλθον πρὸς σέ ἢ ληστὰὶ νυκτός ποῦ ἂν ἀπερρίφης οὐκ ἂν ἐκλεψαν τὰ ἱκανὰ ἑαυτοῖς καὶ εἰ τρυγηταὶ εἰσῆλθον πρὸς σέ οὐκ ἂν ὑπελίποντο ἐπιφυλλίδα
- 6 Yo fouye toupatou nan peyi Ezaou a. Yo pran tout trezò nou te kache yo.
How are the things of Esau searched out! how are his secret stores looked for!
πῶς ἐξηρευνήθη ἦσαν καὶ κατελήμφθη αὐτοῦ τὰ κεκρυμμένα
- 7 Tout moun ki te mete tèt ansanm avè nou yo woule nou byen woule. Yo mete nou deyò nan pwòp peyi nou an. Moun ki te pi bon zanmi nou yo twonpe nou byen twonpe. Moun ki te konn manje sou tab ansanm ak nou pare pèlen pou nou. Nou menm, nou pa menm wè sa!
All the men who were united with you have been false to you, driving you out to the edge of the land: the men who were at peace with you have overcome you; they have taken their heritage in your place.
ἕως τῶν ὀρίων σου ἐξαπέστειλάν σε πάντες οἱ ἄνδρες τῆς διαθήκης σου ἀντέστησάν σοι ἠδυνάσθησαν πρὸς σέ ἄνδρες εἰρηνικοὶ σου ἔθηκαν ἔνεδρα ὑποκάτω σου οὐκ ἔστιν σύνεσις αὐτοῖς
- 8 Seyè a di konsa: -Jou m'ap pini moun Edon yo, m'ap disparèt tout moun ki gen bon konprann nan peyi a, tout moun lespri ki rete sou mòn Ezaou a.
Will I not, in that day, says the Lord, take away the wise men out of Edom, and wisdom out of the mountain of Esau?
ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ λέγει κύριος ἀπολωῶ σοφοὺς ἐκ τῆς ἰδουμαίας καὶ σύνεσιν ἐξ ὄρους ἦσαν
- 9 Sòlda lavil Teman yo pral tranble nan kanson yo. Yo pral masakre tout gason peyi Edon ki konn goumen.
And your men of war, O Teman, will be overcome with fear, so that every one of them may be cut off from the mountain of Esau.
καὶ πτοηθήσονται οἱ μαχηταὶ σου οἱ ἐκ θαυμαν ὅπως ἐξαρθῆ ἄνθρωπος ἐξ ὄρους ἦσαν
- 10 ¶ Paske nou te masakre pitit pitit Jakòb yo, kouzen nou yo, paske nou te fè yo anpil mechanste, yo pral fè nou wont, yo pral disparèt nou nèt.
Because you were the cause of violent death and because of your cruel behaviour to your brother Jacob, you will be covered with shame and will be cut off for ever.
διὰ τὴν σφαγὴν καὶ τὴν ἀσέβειαν τὴν εἰς τὸν ἀδελφόν σου ἰακώβ καὶ καλύψει σε αἰσχὺν καὶ ἐξαρθήσῃ εἰς τὸν αἰῶνα
- 11 Nou te rete kanpe la ap gade, lè moun lòt nasyon yo t'ap piye tout richès yo. Nou pa t' pi bon pase etranje yo ki te defonse pòtay yo lè sa a, ki te separe bay chak moun tout richès lavil Jerizalèm yo. Nou menm tou, nou te fè menm bagay la.
Because you were there watching when men from other lands took away his goods, and strange men came into his doors, and put the fate of Jerusalem to the decision of chance; you were like one of them.
ἀφ' ἧς ἡμέρας ἀντέστης ἐξ ἐναντίας ἐν ἡμέρᾳ αἰχμαλωτευόντων ἀλλογενῶν δύναμιν αὐτοῦ καὶ ἀλλότριοι εἰσῆλθον εἰς πύλας αὐτοῦ καὶ ἐπὶ ἱερουσαλήμ ἔβαλον κλήρους καὶ σὺ ἦς ὡς εἷς ἐξ αὐτῶν
- 12 Nou pa t' dwe kontan wè kouzen nou yo nan malè. Nou pa t' dwe kontan wè y'ap fini ak moun fanmi Jida yo. Nou pa t' dwe pase yo nan rizib, lè yo te nan tray.
Do not see with pleasure your brother's evil day, the day of his fate, and do not be glad over the children of Judah on the day of their destruction, or make wide your mouth on the day of trouble.
καὶ μὴ ἐπίδῃς ἡμέραν ἀδελφοῦ σου ἐν ἡμέρᾳ ἀλλοτριῶν καὶ μὴ ἐπιχαρῆς ἐπὶ τοῦς υἱοὺς ἰουδα ἐν ἡμέρᾳ ἀπολείας αὐτῶν καὶ μὴ μεγαλορρημονήσῃς ἐν ἡμέρᾳ θλίψεως
- 13 Nou pa t' dwe janbe pòtay lavil pèp mwen an pou nou te antre ladan l', jou malè te tonbe sou yo a. Nou pa t' dwe kontan wè jan y'ap soufri, jou malè te tonbe sou yo a. Nou pa t' dwe mete men nou sou byen yo, jou malè te tonbe sou yo a.
Do not go into the doors of my people on the day of their downfall; do not be looking on their trouble with pleasure on the day of their downfall, or put your hands on their goods on the day of their downfall.
μηδὲ εἰσέλθῃς εἰς πύλας λαῶν ἐν ἡμέρᾳ πόνων αὐτῶν μηδὲ ἐπίδῃς καὶ σὺ τὴν συναγωγὴν αὐτῶν ἐν ἡμέρᾳ ὀλέθρου αὐτῶν μηδὲ συνεπιθῆ ἐπὶ τὴν δύναμιν αὐτῶν ἐν ἡμέρᾳ ἀπολείας αὐτῶν
- 14 Nou pa t' dwe kanpe nan kalfou yo pou nou touye sa ki t'ap chache chape kò yo. Nou pa t' dwe lage sa ki pa t' mouri yo nan men lènmi yo, jou malè te tonbe sou yo a.
And do not take your place at the cross-roads, cutting off those of his people who get away; and do not give up to their haters those who are still there in the day of trouble.
μηδὲ ἐπιστῆς ἐπὶ τὰς διεκβολὰς αὐτῶν τοῦ ἐξολεθρευῆσαι τοὺς ἀνασφρομένους αὐτῶν μηδὲ συγκλείσῃς τοὺς φεύγοντας ἐξ αὐτῶν ἐν ἡμέρᾳ θλίψεως

- 15 Jou a pa lwen rive, kote mwen menm, Seyè a, mwen pral jije tout nasyon yo. Nou menm moun peyi Edon, sa nou te fè a, se sa yo pral fè nou tou. Yo pral fè nou sibi tou sa nou te fè lòt yo sibi.
For the day of the Lord is coming quickly on all nations: as you have done it will be done to you; the reward of your acts will come on your head.
διότι ἐγγὺς ἡμέρα κυρίου ἐπὶ πάντα τὰ ἔθνη ὃν τρόπον ἐποίησας οὕτως ἔσται σοὶ τὸ ἀνταπόδομά σου ἀνταποδοθήσεται εἰς κεφαλὴν σου
- 16 Pèp mwen an pase pa l' anba men mwen sou mòn ki apa pou mwen an. Konsa tou, tout nasyon yo pral pran pa yo san rete. Yo pral pran jouk yo p'ap kapab ankò. Yo pral disparèt tankou si yo pa t' janm la.
For as you have been drinking on my holy mountain, so will all the nations go on drinking without end; they will go on drinking and the wine will go down their throats, and they will be as if they had never been.
διότι ὃν τρόπον ἔπιες ἐπὶ τὸ ὄρος τὸ ἅγιόν μου πίνονται πάντα τὰ ἔθνη οἶνον πίνονται καὶ καταβήσονται καὶ ἔσονται καθὼς οὐχ ὑπάρχοντες
- 17 ¶ Men, sou mòn Siyon an, kèk moun pral sove. Se yon kote ki pral apa nèt pou mwen. Moun fanmi Jakòb yo pral reprann tout peyi lènmi te wetè nan men yo.
But in Mount Zion some will be kept safe, and it will be holy; and the children of Jacob will take their heritage.
ἐν δὲ τῷ ὄρει σιών ἔσται ἡ σωτηρία καὶ ἔσται ἅγιον καὶ κατακληρονομήσουσιν ὁ οἶκος ἰακωβ τοὺς κατακληρονομήσαντας αὐτοῦς
- 18 Moun fanmi Jakòb yo pral tankou dife. Pitit pitit Jozèf yo pral tankou yon flanm dife. Yo pral detwi pitit Ezaou yo nèt tankou dife nan zèb chèch. Pesonn nan fanmi Ezaou a p'ap chape. Se mwen menm, Seyè a, ki di sa.
And the children of Jacob will be a fire and those of Joseph a flame, and the children of Esau dry stems of grass, burned up by them till all is gone: and there will be no people living in Esau; for the Lord has said it.
καὶ ἔσται ὁ οἶκος ἰακωβ πῦρ ὁ δὲ οἶκος ἰωσηφ φλόξ ὁ δὲ οἶκος ἠσαυ εἰς καλὰμην καὶ ἐκκαυθήσονται εἰς αὐτοὺς καὶ καταφάγονται αὐτούς καὶ οὐκ ἔσται πυροφόρος ἐν τῷ οἴκῳ ἠσαυ διότι κύριος ἐλάλησεν
- 19 Moun pèp Izrayèl ki rete nan zòn Negèv la pral pran mòn Ezaou a pou yo. Moun pèp Izrayèl ki rete nan plenn ki nan pye mòn Jida yo pral pran peyi moun Filisti yo nan men yo. Moun pèp Izrayèl yo pral pran peyi Efrayim ak peyi Samari pou yo. Moun Benjamen yo pral pran peyi Galarad la pou yo.
And they will take the South, and the lowland, and the country of Ephraim, and Gilead, as their heritage.
καὶ κατακληρονομήσουσιν οἱ ἐν ναγεβ τὸ ὄρος τὸ ἠσαυ καὶ οἱ ἐν τῇ σεφραλα τοὺς ἀλλοφύλους καὶ κατακληρονομήσουσιν τὸ ὄρος εφραιμ καὶ τὸ πεδῖον σαμαρείας καὶ βενιαμιν καὶ τὴν γαλααδίτιν
- 20 Nan moun yo te depòte yo, sòlda ki moun nan nò peyi Izrayèl la va pran peyi Kanaran an pou yo, rive lavil Sarepta. Men, moun lavil Jerizalèm yo te depòte nan peyi Sefara a va pran tout lavil Negèv yo pou yo.
And those of the children of Israel who were the first to be taken away as prisoners, will have their heritage among the Canaanites as far as Zarephath; and those who were taken away from Jerusalem, who are in Sepharad, will have the towns of the South.
καὶ τῆς μετουκείας ἡ ἀρχὴ αὐτῆ τοῖς υἱοῖς ἰσραὴλ γῆ τῶν χαναναίων ἕως σαρεπτων καὶ ἡ μετουκεία ἱερουσαλημ ἕως εφραθα καὶ κληρονομήσουσιν τὰς πόλεις τοῦ ναγεβ
- 21 Yo tout, y'a moute sou mòn Siyon an pou delivre l'. Se yo ki va gouvènen tout mòn Ezaou a. Lè sa a, se Seyè a menm ki va sèl wa.
And those who have been kept safe will come up from Mount Zion to be judges of the mountain of Esau; and the kingdom will be the Lord's.
καὶ ἀναβήσονται ἄνδρες σεσοφμένοι ἐξ ὄρους σιών τοῦ ἐκδικῆσαι τὸ ὄρος ἠσαυ καὶ ἔσται τῷ κυρίῳ ἡ βασιλεία .
- 1 ¶ Yon jou, Seyè a pale ak Jonas, pitit gason Amitayi a,
And the word of the Lord came to Jonah, the son of Amittai, saying,
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς ἰωαν τὸν τοῦ αμαθι λέγων
- 2 li di l' konsa: -Leve non. Ale lavil Niniv, gwo kapital la. Al fè moun la konnen mechanste yo rive jouk nan zòrèy mwen.
Up! go to Nineveh, that great town, and let your voice come to it; for their evil-doing has come up before me.
ἀνάστηθι καὶ πορεύθητι εἰς νινευὴ τὴν πόλιν τὴν μεγάλην καὶ κήρυξον ἐν αὐτῇ ὅτι ἀνέβη ἡ κραυγὴ τῆς κακίας αὐτῆς πρὸς με
- 3 Men lè sa a, Jonas leve, li pati nan direksyon Tasis, paske li t'ap kouri pou Seyè a. Li desann lavil Jope. Rive la, li jwenn yon batiman ki t'ap pare pou pati pou Tasis. Li peye pasaj li. Li moute abò batiman an avèk marin yo. Li pati pou Tasis, paske li t'ap kouri pou Seyè a.
And Jonah got up to go in flight to Tarshish, away from the Lord; and he went down to Joppa, and saw there a ship going to Tarshish: so he gave them the price of the journey and went down into it to go with them to Tarshish, away from the Lord.
καὶ ἀνέστη ἰωνας τοῦ φυγεῖν εἰς θαρσις ἐκ προσώπου κυρίου καὶ κατέβη εἰς ἰοπην καὶ εὔρεν πλοῖον βαδίζον εἰς θαρσις καὶ ἔδωκεν τὸ ναῦλον αὐτοῦ καὶ ἐνέβη εἰς αὐτὸ τοῦ πλεῦσαι μετ' αὐτῶν εἰς θαρσις ἐκ προσώπου κυρίου
- 4 ¶ Men, Seyè a voye yon gwo van sou lanmè a. Yon sèl gwo van tanpèt leve, batiman an te prèt pou koule.
And the Lord sent out a great wind on to the sea and there was a violent storm in the sea, so that the ship seemed in danger of being broken.
καὶ κύριος ἐξήγειρεν πνεῦμα εἰς τὴν θάλασσαν καὶ ἐγένετο κλύδων μέγας ἐν τῇ θαλάσῃ καὶ τὸ πλοῖον ἐκινδύνευσεν συντριβῆναι

- 5 Marin yo te pè anpil. Chak moun t'ap lapriyè bondye pa yo. Pou yo te ka soulaje batiman an, yo lage dènve chay nan lanmè. Jonas menm poutèt pa l' te desann nan lakal batiman an, li kouche kouche l'. Dòmi pote l' ale.
Then the sailors were full of fear, every man crying to his god; and the goods in the ship were dropped out into the sea to make the weight less. But Jonah had gone down into the inmost part of the ship where he was stretched out in a deep sleep.
καὶ ἐφοβήθησαν οἱ ναυτικοὶ καὶ ἀνεβόων ἕκαστος πρὸς τὸν θεὸν αὐτῶν καὶ ἐκβολὴν ἐποιήσαντο τῶν σκευῶν τῶν ἐν τῷ πλοίῳ εἰς τὴν θάλασσαν τοῦ κουφισθῆναι ἀπ' αὐτῶν ἰωνας δὲ κατέβη εἰς τὴν κούβην τοῦ πλοίου καὶ ἐκάθευδεν καὶ ἔρρεγγεν
- 6 Kaptenn batiman an al jwenn li, li di l' konsa: -Ey! Apa se dòmi w'ap dòmi? Leve non, monchè. Lapriyè bondye ou la. Ou pa janm konnen, li ka gen pitye pou nou, li ka pa kite nou mourì.
And the ship's captain came to him and said to him, What are you doing sleeping? Up! say a prayer to your God, if by chance God will give a thought to us, so that we may not come to destruction.
καὶ προσῆλθεν πρὸς αὐτὸν ὁ πρῶτος καὶ εἶπεν αὐτῷ τί σὺ ῥέγγεις ἀνάστα καὶ ἐπικαλοῦ τὸν θεόν σου ὅπως διασώσῃ ὁ θεὸς ἡμᾶς καὶ μὴ ἀπολώμεθα
- 7 Apre sa, marin yo yon di lòt: -Ann tire osò pou n' konnen ki moun ki lakòz sa rive nou. Yo tire osò, epi se non Jonas ki soti.
And they said to one another, Come, let us put this to the decision of chance and see on whose account this evil has come on us. So they did so, and Jonah was seen to be the man.
καὶ εἶπεν ἕκαστος πρὸς τὸν πλησίον αὐτοῦ δεῦτε βάλομεν κλήρους καὶ ἐπιγνώμεν τίνας ἕνεκεν ἢ κακία αὕτη ἐστὶν ἐν ἡμῖν καὶ ἐβαλον κλήρους καὶ ἔπεσεν ὁ κλήρος ἐπὶ ἰωναν
- 8 Epi yo di l': -Di nou sa ki lakòz malè sa a rive nou. Sa w'ap fè isit la? Kote ou soti? Moun ki peyi ou ye? Ki nanchon ou?
Then they said to him, Now make clear to us what is your work, and where you come from? what is your country, and who are your people?
καὶ εἶπον πρὸς αὐτὸν ἀπάγγελον ἡμῖν τίνας ἕνεκεν ἢ κακία αὕτη ἐστὶν ἐν ἡμῖν τίς σου ἡ ἐργασία ἐστὶν καὶ πόθεν ἔρχῃ καὶ ἐκ ποίας χώρας καὶ ἐκ ποίου λαοῦ εἶ σὺ
- 9 Jonas reponn yo: -Mwen se ebre. Mwen gen krentif pou Seyè a, Bondye ki fè syèl la, lanmè a ak tè a.
And he said to them, I am a Hebrew, a worshipper of the Lord, the God of heaven, who made the sea and the dry land.
καὶ εἶπεν πρὸς αὐτοὺς δοῦλος κυρίου ἐγὼ εἰμι καὶ τὸν κύριον θεὸν τοῦ οὐρανοῦ ἐγὼ σέβομαι ὃς ἐποίησεν τὴν θάλασσαν καὶ τὴν ξηρὰν
- 10 Jonas pale ak yo, li di yo ki jan li t'ap kouri pou Seyè a. Marin yo te sezi yon sèl sezi. Yo di l' konsa: -Sa ou fè konsa, monchè?
And the men were in great fear, and they said to him, What is this you have done? For the men had knowledge of his flight from the Lord because he had not kept it from them.
καὶ ἐφοβήθησαν οἱ ἄνδρες φόβον μέγαν καὶ εἶπαν πρὸς αὐτὸν τί τοῦτο ἐποίησας διότι ἔγνωσαν οἱ ἄνδρες ὅτι ἐκ προσώπου κυρίου ἦν φεύγων ὅτι ἀπήγγειλεν αὐτοῖς
- 11 ¶ Lanmè a t'ap vin pi move chak lè. Yo di l': -Sa pou nou fè ak ou pou lanmè a vin kal?
And they said to him, What are we to do to you so that the sea may become calm for us? For the sea was getting rougher and rougher.
καὶ εἶπαν πρὸς αὐτὸν τί σοι ποιήσωμεν καὶ κοπάσει ἡ θάλασσα ἀφ' ἡμῶν ὅτι ἡ θάλασσα ἐπορεύετο καὶ ἐξήγειρεν μᾶλλον κλύδωνα
- 12 Jonas reponn yo: -Pran m', lage m' nan lanmè. Lanmè a va kal nèt. Mwen konnen se mwen menm menm ki lakòz nou pran nan van tanpèt sa a.
And he said to them, Take me up and put me into the sea, and the sea will become calm for you: for I am certain that because of me this great storm has come on you.
καὶ εἶπεν ἰωνας πρὸς αὐτοὺς ἄρατέ με καὶ ἐμβάλετέ με εἰς τὴν θάλασσαν καὶ κοπάσει ἡ θάλασσα ἀφ' ὑμῶν διότι ἔγνωκα ἐγὼ ὅτι δι' ἐμὲ ὁ κλύδων ὁ μέγας οὗτος ἐφ' ὑμᾶς ἐστὶν
- 13 Marin yo menm t'ap naje zaviwon pou wè si yo ta mennan batiman an ale atè. Men, yo pa t' kapab, lanmè a t'ap vin pi move toujou.
And the men were working hard to get back to the land, but they were not able to do so: for the sea got rougher and rougher against them.
καὶ παρεβιάζοντο οἱ ἄνδρες τοῦ ἐπιστρέψαι πρὸς τὴν γῆν καὶ οὐκ ἠδύναντο ὅτι ἡ θάλασσα ἐπορεύετο καὶ ἐξηγείρετο μᾶλλον ἐπ' αὐτοὺς
- 14 Lè yo wè sa, yo rele nan pye Seyè a, yo lapriyè l' konsa: -O Seyè! Tanpri, pa kite nou mourì poutèt nonm sa a. Pa rann nou reskonsab lanmò yon moun ki inonsan. Paske, se ou menm, Seyè, ki vle l' konsa.
So, crying to the Lord, they said, Give ear to our prayer, O Lord, give ear, and do not let destruction overtake us because of this man's life; do not put on us the sin of taking life without cause: for you, O Lord, have done what seemed good to you.
καὶ ἀνεβόησαν πρὸς κύριον καὶ εἶπαν μηδαμῶς κύριε μὴ ἀπολώμεθα ἕνεκεν τῆς ψυχῆς τοῦ ἀνθρώπου τούτου καὶ μὴ δῶς ἐφ' ἡμᾶς αἴμα δίκαιον ὅτι σὺ κύριε ὄν τρόπον ἐβούλου πεποιήκας
- 15 Epi yo pran Jonas, yo lage l' nan lanmè. Lamenn, kalmi fèt.
So they took Jonah up and put him into the sea; and the sea was no longer angry.
καὶ ἔλαβον τὸν ἰωναν καὶ ἐξέβαλον αὐτὸν εἰς τὴν θάλασσαν καὶ ἔστη ἡ θάλασσα ἐκ τοῦ σάλου αὐτῆς
- 16 Lè marin yo wè sa, yo te vin pè Seyè a anpil. Yo ofri bèt pou touye ba li. Yo pwomèt pou yo sèvi l'.
Then great was the men's fear of the Lord; and they made an offering to the Lord and took oaths to him.
καὶ ἐφοβήθησαν οἱ ἄνδρες φόβῳ μεγάλῳ τὸν κύριον καὶ ἔθυσαν θυσίαν τῷ κυρίῳ καὶ εὐξάντο εὐχὰς
- 1 ¶ Antan li te nan vant pwason an, Jonas lapriyè Seyè a, Bondye li a, li di:
¶1:17And the Lord made ready a great fish to take Jonah into its mouth; and Jonah was inside the fish for three days and three nights.
καὶ προσέταξεν κύριος κῆται μέγαλῳ καταπιεῖν τὸν ἰωναν καὶ ἦν ἰωνας ἐν τῇ κοιλίᾳ τοῦ κήτους τρεῖς ἡμέρας καὶ τρεῖς νύκτας

- 2 Nan mizè mwen te ye a, Seyè, mwen te rele nan pye ou, ou te reponn mwen. Byen fon nan peyi kote mò yo ye a, mwen te mande ou sekou, ou te tande vwa mwen.
 \2:1\Then Jonah made prayer to the Lord his God from the inside of the fish, and said,
 και προσηύξατο ιωνας προς κύριον τὸν θεὸν αὐτοῦ ἐκ τῆς κοιλίας τοῦ κήτους
- 3 Ou te voye m' jete byen fon, nan fon lanmè. Dlo te sènen m' toupatou. Tout kouran dlo ak tout lanm lanmè yo te pase sou mwen.
 \2:2\In my trouble I was crying to the Lord, and he gave me an answer; out of the deepest underworld I sent up a cry, and you gave ear to my voice.
 και εἶπεν ἐβόησα ἐν θλίψει μου πρὸς κύριον τὸν θεὸν μου και εἰσήκουσέν μου ἐκ κοιλίας ᾗδου κραυγῆς μου ἤκουσας φωνῆς μου
- 4 Mwen t'ap di nan kè m': Gen lè ou voye m' jete byen lwen ou. Mwen p'ap janm wè kay ki apa pou ou a ankò!
 \2:3\For you have put me down into the deep, into the heart of the sea; and the river was round about me; all your waves and your rolling waters went over me.
 ἀπέρριψάς με εἰς βάθην καρδίας θαλάσσης και ποταμοί με ἐκύκλωσαν πάντες οἱ μετεωρισμοί σου και τὰ κύματά σου ἐπ' ἐμὲ διήλθον
- 5 Dlo yo kouvri m', yo te prèt pou neye m'. Lanmè a te fin vale m', zèb lanmè te mare nan tout tèt mwen.
 \2:4\And I said, I have been sent away from before your eyes; how may I ever again see your holy Temple?
 και ἐγὼ εἶπα ἀπόσμαι ἐξ ὀφθαλμῶν σου ἄρα προσθήσω τοῦ ἐπιβλέψαι πρὸς τὸν ναὸν τὸν ἁγίων σου
- 6 Mwen desann, mwen desann, mwen rive jouk nan rasin mòn yo, nan peyi kote sa ki antre pa soti. Men, Seyè, Bondye mwen, ou rale m' soti nan twou a. Ou ban m' lavi ankò.
 \2:5\The waters were circling round me, even to the neck; the deep was about me; the sea-grass was twisted round my head.
 περιεχύθη ὕδωρ μοι ἕως ψυχῆς ἄβυσσος ἐκύκλωσέν με ἐσχάτη ἔδω ἢ κεφαλή μου εἰς σχισμὰς ὀρέων
- 7 Lè m' santi mwen taprale vre, mwen vin chonje ou, Seyè! Mwen lapriyè nan pye ou. Kote ou chita nan tanp ki apa ou a, ou tande m'.
 \2:6\I went down to the bases of the mountains; as for the earth, her walls were about me for ever: but you have taken up my life from the underworld, O Lord my God.
 κατέβην εἰς γῆν ἧς οἱ μοχλοὶ αὐτῆς κάτοχοι αἰώνιοι και ἀναβήτω φθορὰ ζωῆς μου κύριε ὁ θεός μου
- 8 Moun k'ap sèvi zidòl ki pa vo anyen yo, se moun ki vire do bay Bondye ki bay favè a.
 \2:7\When my soul in me was overcome, I kept the memory of the Lord: and my prayer came in to you, into your holy Temple.
 ἐν τῷ ἐκλείπειν ἀπ' ἐμοῦ τὴν ψυχὴν μου τοῦ κυρίου ἐμνήσθην και ἔλθοι πρὸς σὲ ἢ προσευχή μου εἰς ναὸν ἁγίων σου
- 9 Men, m'ap chante pou m' fè lwanj ou, m'a ofri bèt pou yo touye pou ou. M'a kenbe angajman mwen te pran an. Se Seyè a ki delivrans nou.
 \2:8\The worshippers of false gods have given up their only hope.
 φυλασσόμενοι μάταια και ψευδῆ ἔλεος αὐτῶν ἐγκατέλιπον
- 10 ¶ Lè sa a, Seyè a bay pwason an lòd pou li vonmi Jonas sou rivaj lanmè a.
 \2:9\But I will make an offering to you with the voice of praise; I will give effect to my oaths. Salvation is the Lord's.
 ἐγὼ δὲ μετὰ φωνῆς αἰνέσεως και ἐξομολογήσεως θύσω σοι ὅσα ηὐξάμην ἀποδώσω σοι σωτηρίου τῷ κυρίῳ
- 1 ¶ Bondye pale yon dezyèm fwa ankò ak Jonas,
 And the word of the Lord came to Jonah a second time, saying,
 και ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς ιωναν ἐκ δευτέρου λέγων
- 2 li di l' konsa: -Leve non! Ale lavil Niniv, gwo kapital la. Fè yo konnen mesaj mwen te ba ou pou yo a.
 Up! go to Nineveh, that great town, and give it the word which I have given you.
 ἀνάστηθι και πορεύθητι εἰς νινευη τὴν πόλιν τὴν μεγάλην και κήρυξον ἐν αὐτῇ κατατὸ κήρυγμα τὸ ἐμπροσθεν ὃ ἐγὼ ἐλάλησα πρὸς σὲ
- 3 Se konsa, Jonas leve, li ale lavil Niniv jan Seyè a te di l' la. Niniv te yon gwo lavil ki mande twa jou pou mache soti nan yon bout ale nan lòt bout la.
 So Jonah got up and went to Nineveh as the Lord had said. Now Nineveh was a very great town, three days' journey from end to end.
 και ἀνέστη ιωνας και ἐπορεύθη εἰς νινευη καθὼς ἐλάλησεν κύριος ἡ δὲ νινευη ἦν πόλις μεγάλη τῷ θεῷ ὥσει πορείας ὁδοῦ ἡμερῶν τριῶν
- 4 Jonas antre nan lavil la. Li fè yon jounen ap mache. Epi li pran pale ak moun yo. Li di yo konsa: -Nan karant jou lavil Niniv pral disparèt.
 And Jonah first of all went a day's journey into the town, and crying out said, In forty days destruction will overtake Nineveh.
 και ἤρξατο ιωνας τοῦ εἰσελθεῖν εἰς τὴν πόλιν ὥσει πορείαν ἡμέρας μιᾶς και ἐκήρυξεν και εἶπεν ἔτι τρεῖς ἡμέραι και νινευη καταστραφήσεται
- 5 ¶ Moun lavil yo te kwè nan mesaj Bondye a. Yo bay lòd pou tout moun, malere kou grannèg, rete san manje, pou yo mete rad sak sou yo pou moutre jan yo nan lapenn pou tout mal yo te fè.
 And the people of Nineveh had belief in God; and a time was fixed for going without food, and they put on haircloth, from the greatest to the least.
 και ἐνεπίστευσαν οἱ ἄνδρες νινευη τῷ θεῷ και ἐκήρυξαν νηστείαν και ἐνεδύσαντο σάκκους ἀπὸ μεγάλου αὐτῶν ἕως μικροῦ αὐτῶν

- 6 **Nouvèl la rive nan zòrèy wa lavil Niniv la. Li leve sou fotèy li a, li wete bèl rad ki te sou li a, li mete rad sak sou li. Lèfini, li chita atè nan sann dife.**
And the word came to the king of Nineveh, and he got up from his seat of authority, and took off his robe, and covering himself with haircloth, took his seat in the dust.
καὶ ἤγγισεν ὁ λόγος πρὸς τὸν βασιλέα τῆς νινευῆ καὶ ἐξανέστη ἀπὸ τοῦ θρόνου αὐτοῦ καὶ περιελάτο τὴν στολὴν αὐτοῦ ἀφ' ἑαυτοῦ καὶ περιεβάλετο σάκκον καὶ ἐκάθισεν ἐπὶ σποδοῦ
- 7 **Li voye fè yon piblikasyon nan tout lavil la. Li di konsa: -Men lòd wa a ansanm ak lòt chèf li yo bay: Pesonn pa pou manje anyen. Ni moun, ni bèf, ni mouton, tout pou rete san manje san bwè.**
And he had it given out in Nineveh, By the order of the king and his great men, no man or beast, herd or flock, is to have a taste of anything; let them have no food or water:
καὶ ἐκηρύχθη καὶ ἐρρέθη ἐν τῇ νινευῆ παρὰ τοῦ βασιλέως καὶ παρὰ τῶν μεγιστάνων αὐτοῦ λέγων οἱ ἄνθρωποι καὶ τὰ κτήνη καὶ οἱ βόες καὶ τὰ πρόβατα μὴ γευσάσθωσαν μηδὲν μηδὲ νεμέσθωσαν μηδὲ ἕ ὕδωρ πιέτωσαν
- 8 **Tout moun va gen rad sak sou yo. Tout bèt va nan lapenn. Tout moun va lapriyè Bondye ak tout kè yo. Y'a kite tout move zak ak tout mechnaste yo te konn fè nan lavi yo.**
And let man and beast be covered with haircloth, and let them make strong prayers to God: and let everyone be turned from his evil way and the violent acts of their hands.
καὶ περιεβάλλοντο σάκκους οἱ ἄνθρωποι καὶ τὰ κτήνη καὶ ἀνεβόησαν πρὸς τὸν θεὸν ἐκτενῶς καὶ ἀπέστρεψαν ἕκαστος ἀπὸ τῆς ὁδοῦ αὐτοῦ τῆς πονηρᾶς καὶ ἀπὸ τῆς ἀδικίας τῆς ἐν χερσίν αὐτῶν λέγοντες
- 9 **Nou pa janm konnen, Bondye ka chanje lide. L'a règrèt sa li tapral fè a, li p'ap fache sou nou ankò. Konsa, nou p'ap mouri.**
Who may say that God will not be turned, changing his purpose and turning away from his burning wrath, so that destruction may not overtake us?
τίς οἶδεν εἰ μετανοήσει ὁ θεὸς καὶ ἀποστρέψει ἐξ ὀργῆς θυμοῦ αὐτοῦ καὶ οὐ μὴ ἀπολώμεθα
- 10 **Bondye wè sa yo t'ap fè a. Li wè yo te soti pou yo chanje lavi yo vre. Se konsa li chanje lide. Li pa pini yo ankò jan li te di li tapral pini yo a.**
And God saw what they did, how they were turned from their evil way; and God's purpose was changed as to the evil which he said he would do to them, and he did it not.
καὶ εἶδεν ὁ θεὸς τὰ ἔργα αὐτῶν ὅτι ἀπέστρεψαν ἀπὸ τῶν ὁδῶν αὐτῶν τῶν πονηρῶν καὶ μετενόησεν ὁ θεὸς ἐπὶ τῇ κακίᾳ ἣ ἐλάλησεν τοῦ ποιῆσαι αὐτοῖς καὶ οὐκ ἐποίησεν
- 1 **¶ Jonas pa t' kontan menm lè li wè sa, sa te fè l' fache anpil.**
But this seemed very wrong to Jonah, and he was angry.
καὶ ἐλυπήθη ἰωνᾶς λύπην μεγάλην καὶ συνεχύθη
- 2 **Li lapriyè Seyè a, li di l' konsa: -Aa Seyè! Men sa m' t'ap di a wi, lè m' te nan peyi m' lan. Se sa menm wi, mwen pa t' vle rive a. Se poutèt sa mwen te vle al kache nan peyi Tasis. Mwen konnen ou: Ou se yon Bondye ki gen bon kè, ki gen pitye pou nou. Ou pa fè kòlè fasil, ou pa janm sispann renmen nou, se vre. Ou toujou pare pou padonnen moun, pou chanje lide pou ou pa pini yo.**
And he made prayer to the Lord and said, O Lord, is this not what I said when I was still in my country? This is why I took care to go in flight to Tarshish: for I was certain that you were a loving God, full of pity, slow to be angry and great in mercy, and ready to be turned from your purpose of evil.
καὶ προσεύξατο πρὸς κύριον καὶ εἶπεν ὁ κύριε οὐχ οὗτοι οἱ λόγοι μου ἔτι ὄντος μου ἐν τῇ γῆ μου διὰ τοῦτο προέφρασα τοῦ φυγεῖν εἰς θαρσις διότι ἔγνων ὅτι σὺ ἐλεήμων καὶ οἰκτιρμῶν μακρόθυμος καὶ αἰ πολυέλεος καὶ μετανοῶν ἐπὶ ταῖς κακίαις
- 3 **Koulye a, Seyè, ou mèt tou touye m' fini ak sa. M' pito mouri pase pou m' viv pou m' wè bagay sa a devan je m'!**
So now, O Lord, give ear to my prayer and take my life from me; for death is better for me than life.
καὶ νῦν δέσποτα κύριε λαβὲ τὴν ψυχὴν μου ἀπ' ἐμοῦ ὅτι καλὸν τὸ ἀποθανεῖν με ἢ ζῆν με
- 4 **Seyè a reponn li: -Ki rezon ou genyen pou ou fache konsa?**
And the Lord said, Have you any right to be angry?
καὶ εἶπεν κύριος πρὸς ἰωνᾶν εἰ σφόδρα λελύπησαι σύ
- 5 **¶ Jonas kite lavil la, li ale sou bò solèy leve, li chita. Lèfini, li fè yon tonèl, li chita nan lonbraj anba tonèl la, l'ap tann pou l' wè sa ki pral rive nan lavil la.**
Then Jonah went out of the town, and took his seat on the east side of the town and made himself a roof of branches and took his seat under its shade till he saw what would become of the town.
καὶ ἐξῆλθεν ἰωνᾶς ἐκ τῆς πόλεως καὶ ἐκάθισεν ἀπέναντι τῆς πόλεως καὶ ἐποίησεν ἑαυτῷ ἐκεῖ σκηνὴν καὶ ἐκάθητο ὑποκάτω αὐτῆς ἐν σκιᾷ ἕως οὗ ἀπίδη τί ἔσται τῇ πόλει
- 6 **Lè sa a, Seyè a, Bondye a, fè yon ti pye masketi pou. Li fè l' rive yon ti wotè pi wo pase Jonas pou mete yon ti lonbraj sou tèt li, pou li ka santi l' pi alèz. Jonas te kontan anpil lè li wè pye masketi a.**
And the Lord God made a vine come up over Jonah to give him shade over his head. And Jonah was very glad because of the vine.
καὶ προσέταξεν κύριος ὁ θεὸς κολοκύνθη καὶ ἀνέβη ὑπὲρ κεφαλῆς τοῦ ἰωνα τοῦ εἶναι σκιὰν ὑπὲράνω τῆς κεφαλῆς αὐτοῦ τοῦ σκιαζεῖν αὐτῷ ἀπὸ τῶν κακῶν αὐτοῦ καὶ ἐχάρη ἰωνᾶς ἐπὶ τῇ κολοκύνθῃ χαρὰν μεγάλην
- 7 **Men, nan denmen maten, anvan bajou kase, Bondye fè yon mawoka pike pye masketi a. Pye masketi a mouri.**
But early on the morning after, God made ready a worm for the destruction of the vine, and it became dry and dead.
καὶ προσέταξεν ὁ θεὸς σκόκληκι ἐωθινή τῇ ἐπαύριον καὶ ἐπάταξεν τὴν κολοκύνθην καὶ ἀπεξηράνθη

- 8 Lèfini, lè solèy fin leve, Bondye fè you sèl van lès soufle byen cho. Jonas te prèt pou pèdi konseans avèk chalè solèy la ki t'ap bat li sou tèt. Msiye mande mouri, li di konsa: -Pito m' tou mouri m' fini ak sa!
Then when the sun came up, God sent a burning east wind: and so great was the heat of the sun on his head that Jonah was overcome, and, requesting death for himself, said, Death is better for me than life.
καὶ ἐγένετο ἅμα τῷ ἀνατεῖλαι τὸν ἥλιον καὶ προσέταξεν ὁ θεὸς πνεύματι καύσωνος συγκραίνοντι καὶ ἐπάταξεν ὁ ἥλιος ἐπὶ τὴν κεφαλὴν ἰωνα καὶ ὀλιγοψύχησεν καὶ ἀπελέγετο τὴν ψυχὴν αὐτοῦ καὶ εἶπεν καλὸν μοι ἀποθανεῖν με ἢ ζῆν
- 9 Men, Bondye mande l' konsa: -Jonas, ou kwè ou gen rezon fache konsa pou you ti pye masketi? Jonas reponn li: -Wi. Mwen gen rezon fache. M' fache pou m' mouri.
And the Lord said to Jonah, Have you any right to be angry about the vine? And he said, I have a right to be truly angry.
καὶ εἶπεν ὁ θεὸς πρὸς ἰωαν εἰ σφόδρα λελύπησαι σὺ ἐπὶ τῇ κολοκύνθῃ καὶ εἶπεν σφόδρα λελύπημαι ἐγὼ ἕως θανάτου
- 10 Lè sa a, Seyè a reponn li: -An! Ou pran lapenn pou you ti pye masketi ki pa koute ou anyen. Se pa ou ki te fè l' grandi. Li pran you sèl nwit pou l' grandi. Apre you sèl jou, li mouri.
And the Lord said, You had pity on the vine, for which you did no work and for the growth of which you were not responsible; which came up in a night and came to an end in a night;
καὶ εἶπεν κύριος σὺ ἐφείσω ὑπὲρ τῆς κολοκύνθης ὑπὲρ ἧς οὐκ ἔκακοπάθησας ἐπ' αὐτὴν καὶ οὐκ ἐξέθρεψας αὐτήν ἢ ἐγενήθη ὑπὸ νύκτα καὶ ὑπὸ νύκτα ἀπόλετο
- 11 Epi ou pa ta vle m' pran lapenn pou lavil Niniv, gwo kapital sa a, kote ki gen depase sanven mil (120.000) timoun inonsan, moun ki pa konnen ni sa ki byen ni sa ki mal, ansanm ak you kantite bèt!
And am I not to have mercy on Nineveh, that great town, in which there are more than a hundred and twenty thousand persons without the power of judging between right and left, as well as much cattle?
ἐγὼ δὲ οὐ φείσομαι ὑπὲρ νινευῆ τῆς πόλεως τῆς μεγάλης ἐν ἣ κατοικοῦσιν πλείους ἢ δώδεκα μυριάδες ἀνθρώπων οἵτινες οὐκ ἔγνωσαν δεξιὰν αὐτῶν ἢ ἀριστερὰν αὐτῶν καὶ κτήνη πολλά .
- 1 ¶ Men mesaj Seyè a te bay Miche, moun lavil Morechèt, sou rèy Jotam, Akaz ak Ezeqyas ki te wa nan peyi jida. Men vizyon ki gen rapò ak Samari ak Jerizalèm Seyè a te fè Miche wè.
The word of the Lord which came to Micah the Morashtite, in the days of Jotham, Ahaz, and Hezekiah, kings of Judah: his vision about Samaria and Jerusalem.
καὶ ἐγένετο λόγος κυρίου πρὸς μιχαῖαν τὸν τοῦ μορασθι ἐν ἡμέραις ἰωαθαμ καὶ αχαζ καὶ ἐζεκιου βασιλέων ἰουδα ὑπὲρ ὧν εἶδεν περὶ σαμαρείας καὶ περὶ ἱερουσαλημ
- 2 Koute byen, nou menm tout nasyon yo. Pare zòrèy nou, nou tout k'ap viv sou latè. Seyè a, Bondye a, pral akize nou. Tande! Li rete nan tanp ki apa pou li a, l'ap pale.
Give ear, you peoples, all of you; give attention, O earth and everything in it: let the Lord God be witness against you, the Lord from his holy Temple.
ἀκούσατε λαοὶ λόγους καὶ προσεχέτω ἡ γῆ καὶ πάντες οἱ ἐν αὐτῇ καὶ ἔσται κύριος ἐν ὑμῖν εἰς μαρτύριον κύριος ἐξ οἴκου ἁγίου αὐτοῦ
- 3 Seyè a ap soti kote li rete a, l'ap desann, l'ap mache sou tèt mòn yo.
For see, the Lord is coming out from his place, and will come down, stepping on the high places of the earth.
διότι ἰδοὺ κύριος ἐκπορεύεται ἐκ τοῦ τόπου αὐτοῦ καὶ καταβήσεται καὶ ἐπιβήσεται ἐπὶ τὰ ὕψη τῆς γῆς
- 4 Mòn yo ap fonn anba pye l' tankou lasi nan dife. Y'ap koule desann nan fon yo tankou lavalas k'ap desann mòn.
And the mountains will be turned to water under him, and the deep valleys will be broken open, like wax before the fire, like waters flowing down a slope.
- 7 ¶ Depi sou tan zansèt nou yo nou pa okipe sa m' te ban nou lòd fè. Nou pa swiv yo. Tounen vin jwenn mwen. Mwen menm, m'a tounen vin jwenn nou tou. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa. N'ap mande m' sa pou nou fè pou nou tounen vin jwenn mwen?
From the days of your fathers you have been turned away from my rules and have not kept them. Come back to me, and I will come back to you, says the Lord of armies. But you say, How are we to come back?
ἀπὸ τῶν ἀδικιῶν τῶν πατέρων ὑμῶν ἐξεκλίνατε νόμιά μου καὶ οὐκ ἐφυλάξασθε ἐπιστρέψατε πρὸς με καὶ ἐπιστραφήσομαι πρὸς ὑμᾶς λέγει κύριος παντοκράτωρ καὶ εἶπατε ἐν τίνι ἐπιστρέψομεν
- 8 Mwen menm m'ap mande nou: Eske yon moun ka twonpe Bondye? Non. Men, se twonpe n'ap twonpe m'. N'ap mande ki jan n'ap twonpe m' lan. M'ap reponn nou: Nan keksyon ladim ak lòt bagay nou fèt pou nou ofri m' yo.
Will a man keep back from God what is right? But you have kept back what is mine. But you say, What have we kept back from you? Tenths and offerings.
εἰ πτερνιεῖ ἄνθρωπος θεόν διότι ὑμεῖς πτερνίζετε με καὶ ἐρεῖτε ἐν τίνι ἐπτερνικάμεν σε ὅτι τὰ ἐπιδέκατα καὶ αἱ ἀπαρχαὶ μεθ' ὑμῶν εἰσιν
- 9 Gen yon madichon ki gen pou tonbe sou nou tout, paske tout moun nan peyi a ap twonpe m'.
You are cursed with a curse; for you have kept back from me what is mine, even all this nation.
καὶ ἀποβλέποντες ὑμεῖς ἀποβλέπετε καὶ ἐμὲ ὑμεῖς πτερνίζετε τὸ ἔθνος συνετελέσθη
- 10 Pote tout ladim lan nèt nan tanp lan, san wete anyen ladan l', pou ka gen manje nan tanp lan. Se pou nou fè sa pou nou wè si mwen p'ap kenbe pawòl mwen vre. n'a wè si mwen p'ap louvri syèl la fè lapli tonbe, si mwen p'ap vide benediksyon sou nou an kantite.
Let your tenths come into the store-house so that there may be food in my house, and put me to the test by doing so, says the Lord of armies, and see if I do not make the windows of heaven open and send down such a blessing on you that there is no room for it.
καὶ εἰσηγάκατε πάντα τὰ ἐκφόρια εἰς τοὺς θησαυρούς καὶ ἐν τῷ οἴκῳ αὐτοῦ ἔσται ἡ διαρπαγὴ αὐτοῦ ἐπισκέψασθε δὴ ἐν τούτῳ λέγει κύριος παντοκράτωρ ἐὰν μὴ ἀνοίξω ὑμῖν τοὺς καταρράκτας τοῦ οὐρανοῦ καὶ ἐκχεῶ ὑμῖν τὴν εὐλογίαν μου ἕως τοῦ ἰκανωθῆναι
- 11 Mwen p'ap kite chini vini pou detwi rekòt jaden nou ankò, ni pou anpeche pye rezen nou yo donner. Se Seyè ki gen tout pouvwa a menm ki di sa.
And on your account I will keep back the locusts from wasting the fruits of your land; and the fruit of your vine will not be dropped on the field before its time, says the Lord of armies
καὶ διαστελῶ ὑμῖν εἰς βρῶσιν καὶ οὐ μὴ διαφθεῖρω ὑμῶν τὸν καρπὸν τῆς γῆς καὶ οὐ μὴ ἀσθενήσῃ ὑμῶν ἡ ἄμπελος ἡ ἐν τῷ ἀγρῷ λέγει κύριος παντοκράτωρ
- 12 Lè sa a, moun toupatou sou latè va rekonèt jan Bondye beni nou, paske sa pral bon nèt pou moun k'ap viv nan peyi nou an. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa.
And you will be named happy by all nations: for you will be a land of delight, says the Lord of armies.
καὶ μακαριοῦσιν ὑμᾶς πάντα τὰ ἔθνη διότι ἔσεσθε ὑμεῖς γῆ θελητὴ λέγει κύριος παντοκράτωρ
- 13 ¶ Seyè a di ankò: -Nou te pale m' mal. Men nou reponn: Kisa nou di sou ou konsa?
Your words have been strong against me, says the Lord. And still you say, What have we said against you?
ἐβαρύνετε ἐπ' ἐμὲ τοὺς λόγους ὑμῶν λέγει κύριος καὶ εἶπατε ἐν τίνι καταλαλήσαμεν κατὰ σοῦ
- 14 Nou te di: Sa pa sèvi anyen pou yon moun sèvi Bondye. Sa sa ap rapòte yon moun pou li fè sa Seyè a mande, pou li fè Seyè a wè li gen lapenn pou sa li fè ki mal?
You have said, It is no use worshipping God: what profit have we had from keeping his orders, and going in clothing of sorrow before the Lord of armies?
εἶπατε μάταιος ὁ δουλεύων θεῷ καὶ τί πλεόν ὅτι ἐφυλάξαμεν τὰ φυλάγματα αὐτοῦ καὶ διότι ἐπορευθήμεν ἰκέται πρὸ προσώπου κυρίου παντοκράτορος
- 15 Koulye a, nou tou wè se awogan yo k'ap viv ak kè kontan. Moun k'ap fè mal yo, se yo ki wè zafè yo ap mache. Yo sonde Bondye pou wè kote li ye ak yo epi anyen pa rive yo.
And now to us the men of pride seem happy; yes, the evil-doers are doing well; they put God to the test and are safe.
καὶ νῦν ἡμεῖς μακαρίζομεν ἀλλοτρίους καὶ ἀνοικοδομοῦνται πάντες ποιοῦντες ἄνομα καὶ ἀντέστησαν θεῷ καὶ ἐσώθησαν
- 16 Men koze ki te nan bouch moun ki gen krentif pou Bondye yo. Tansèlman, Seyè a t'ap swiv yo, li tande tou sa yo t'ap di. Li pran yon liv, li fè ekri non tout moun ki gen krentif pou li epi ki respekte l'.
Then those in whom was the fear of the Lord had talk together: and the Lord gave ear, and it was recorded in a book to be kept in mind before him, for those who had the fear of the Lord and gave thought to his name.
ταῦτα κατελάλησαν οἱ φοβούμενοι τὸν κύριον ἕκαστος πρὸς τὸν πλησίον αὐτοῦ καὶ προσέσχεν κύριος καὶ εἰσήκουσεν καὶ ἔγραψεν βιβλίον μνημοσύνου ἐνώπιον αὐτοῦ τοῖς φοβουμένοις τὸν κύριον καὶ ἰ ἐλαβουμένοις τὸ ὄνομα αὐτοῦ
- 17 Seyè a di konsa: Y'ap yon pèp apa pou mwen. Jou m'a deside pou m' aji a, se moun pa m' nèt y'ap ye. m'a gen pitye pou yo, menm jan yon papa gen pitye pou pitit gason l' k'ap sèvi l'.
And they will be mine, says the Lord, in the day when I make them my special property; and I will have mercy on them as a man has mercy on his son who is his servant.
καὶ ἔσονται μοι λέγει κύριος παντοκράτωρ εἰς ἡμέραν ἣν ἐγὼ ποιῶ εἰς περιποίησιν καὶ αἰρετιῶν αὐτοῦς ὃν τρόπον αἰρετίζει ἄνθρωπος τὸν υἱὸν αὐτοῦ τὸν δουλεύοντα αὐτῷ
- 18 Lè sa a ankò, n'a wè diferans ant moun k'ap mache dwat ak moun k'ap fè sa ki mal, ant moun k'ap sèvi Bondye ak moun ki p'ap sèvi l'.
Then you will again see how the upright man is different from the sinner, and the servant of God from him who is not.
καὶ ἐπιστραφήσεσθε καὶ ὄψεσθε ἀνὰ μέσον δικαίου καὶ ἀνὰ μέσον ἀνόμου καὶ ἀνὰ μέσον τοῦ δουλεύοντος θεῷ καὶ τοῦ μὴ δουλεύοντος

- 1 ¶ Men non zansèt Jezikri ki te pitit pitit David, pitit pitit Abraram.
The book of the generations of Jesus Christ, the son of David, the son of Abraham.
βιβλος γενεσεως ιησου χριστου υιου δαβιδ υιου αβρααμ
- 2 Abraram te papa Izarak; Izarak te papa Jakòb; Jakòb te papa Jida ak lòt frè l' yo.
The son of Abraham was Isaac; and the son of Isaac was Jacob; and the sons of Jacob were Judah and his brothers;
αβρααμ εγεννησεν τον ισαακ ισαακ δε εγεννησεν τον ιακωβ ιακωβ δε εγεννησεν τον ιουδαν και τους αδελφους αυτου
- 3 Jida menm te papa Perèz ak Zara. Se Tama ki te manman yo. Perèz te papa Eswòm; Eswòm te papa Aram.
And the sons of Judah were Perez and Zerah by Tamar; and the son of Perez was Hezron; and the son of Hezron was Ram;
ιουδας δε εγεννησεν τον φαρες και τον ζαρα εκ της θαμαρ φαρες δε εγεννησεν τον εσρωμ εσρωμ δε εγεννησεν τον αραμ
- 4 Aram te papa Amenadab; Amenadab te papa Naason; Naason te papa Salmon.
And the son of Ram was Amminadab; and the son of Amminadab was Nahshon; and the son of Nahshon was Salmon;
αραμ δε εγεννησεν τον αμιναδαβ αμιναδαβ δε εγεννησεν τον ναασσων ναασσων δε εγεννησεν τον σαλμων
- 5 Salmon te papa Boaz. Se Raab ki te manman Boaz. Boaz te papa Obèd. Se Rit ki te manman Obèd.
And the son of Salmon by Rahab was Boaz; and the son of Boaz by Ruth was Obed; and the son of Obed was Jesse;
σαλμων δε εγεννησεν τον βοοζ εκ της ραχαβ βοοζ δε εγεννησεν τον ωβηδ εκ της ρουθ ωβηδ δε εγεννησεν τον ιεσσαι
- 6 Obèd te papa Izayi, Izayi te papa wa David. David te papa Salomon. Se Madan Ouri ki te manman Salomon.
And the son of Jesse was David the king; and the son of David was Solomon by her who had been the wife of Uriah;
ιεσσαι δε εγεννησεν τον δαβιδ τον βασιλευα δαβιδ δε ο βασιλευς εγεννησεν τον σολομωντα εκ της του ουριου
- 7 Salomon te papa Woboram; Woboram te papa Abya; Abya te papa Asa.
And the son of Solomon was Rehoboam; and the son of Rehoboam was Abijah; and the son of Abijah was Asa;
σολομων δε εγεννησεν τον ροβοαμ ροβοαμ δε εγεννησεν τον αβια αβια δε εγεννησεν τον ασα
- 8 Asa te papa Jozafa; Jozafa te papa Joram; Joram te papa Ozyas;
And the son of Asa was Jehoshaphat; and the son of Jehoshaphat was Joram; and the son of Joram was Uzziah;
ασα δε εγεννησεν τον ιωσαφατ ιωσαφατ δε εγεννησεν τον ιωραμ ιωραμ δε εγεννησεν τον οζιαν
- 9 Ozyas te papa Joatam; Joatam te papa Akaz; Akaz te papa Ezekyas;
And the son of Uzziah was Jotham; and the son of Jotham was Ahaz; and the son of Ahaz was Hezekiah;
οζιας δε εγεννησεν τον ιωθαμ ιωθαμ δε εγεννησεν τον αχαζ αχαζ δε εγεννησεν τον εζεκιαν
- 10 Ezekyas te papa Manase; Manase te papa Amon; Amon te papa Jozyas;
And the son of Hezekiah was Manasseh; and the son of Manasseh was Amon; and the son of Amon was Josiah;
εζεκιας δε εγεννησεν τον μανασση μανασσης δε εγεννησεν τον αμων αμων δε εγεννησεν τον ιωσιαν
- 11 Jozyas te papa Jekonyas ak lòt frè l' yo. Se lè sa a yo te depòte moun pèp Izrayèl yo, yo mennen yo ale lavil Babilòn.
And the sons of Josiah were Jechoniah and his brothers, at the time of the taking away to Babylon.
ιωσιας δε εγεννησεν τον ιεχονιαν και τους αδελφους αυτου επι της μετοικεσις βαβυλωνος
- 12 Apre yo te fin mennen yo ale lavil Babilòn, Jekonyas te fè Salatyèl. Salatyèl te papa Zowobabèl;
And after the taking away to Babylon, Jechoniah had a son Shealtiel; and Shealtiel had Zerubbabel;
μετα δε την μετοικεσιαν βαβυλωνος ιεχονιας εγεννησεν τον σαλαθιηλ σαλαθιηλ δε εγεννησεν τον ζοροβαβελ
- 13 Zowobabèl te papa Abiyoud; Abiyoud te papa Elyakim; Elyakim te papa Azò;
And Zerubbabel had Abiud; and Abiud had Eliakim; and Eliakim had Azor;
ζοροβαβελ δε εγεννησεν τον αβιουδ αβιουδ δε εγεννησεν τον ελιακειμ ελιακειμ δε εγεννησεν τον αζωρ
- 14 Azò te papa Sadòk; Sadòk te papa Akim; Akim te papa Eliyoud;
And Azor had Zadok; and Zadok had Achim; and Achim had Eliud;
αζωρ δε εγεννησεν τον σαδωκ σαδωκ δε εγεννησεν τον αχειμ αχειμ δε εγεννησεν τον ελιουδ

- 15 Eliyoud te papa Eleaza; Eleaza te papa Matan; Matan te papa Jakòb;
 And Eliud had Eleazar; and Eleazar had Matthan; and Matthan had Jacob;
 ελιουδ δε εγεννησεν τον ελεαζαρ ελεαζαρ δε εγεννησεν τον ματθαν ματθαν δε εγεννησεν τον ιακωβ
- 16 Jakòb te papa Jozèf. Se Jozèf sa a ki te marye ak Mari, manman Jezi yo rele Kris la.
 And the son of Jacob was Joseph the husband of Mary, who gave birth to Jesus, whose name is Christ.
 ιακωβ δε εγεννησεν τον ιωσηφ τον ανδρα μαριας εξ ης εγεννηθη ιησους ο λεγομενος χριστος
- 17 Konsa, pran depi Abraram jouk nou rive sou David, te gen antou katòz jenerasyon papa ak pitit. Pran depi David jouk nou rive lè yo te depòte pèp Izrayèl la ale lavil Babilòn, te gen antou katòz jenerasyon papa ak pitit. Pran depi lè yo te depòte pèp la jouk nou rive sou Kris la, te gen katòz jenerasyon papa ak pitit tou.
 So all the generations from Abraham to David are fourteen generations; and from David to the taking away to Babylon, fourteen generations; and from the taking away to Babylon to the coming of Christ, fourteen generations.
 πασαι ουν αι γενεαι απο αβρααμ εως δαβιδ γενεαι δεκατεσσαρες και απο δαβιδ εως της μετουικεσιας βαβυλωνος γενεαι δεκατεσσαρες και απο της μετουικεσιας βαβυλωνος εως του χριστου γενεαι δεκα τεσσαρες
- 18 ¶ Men ki jan Jezikri te fèt. Mari, manman Jezi, te fyanse avèk Jozèf. Anvan menm yo te antre nan kay ansanm, Mari vin twouve l' ansent pa pouvwa Sentespri.
 Now the birth of Jesus Christ was in this way: when his mother Mary was going to be married to Joseph, before they came together the discovery was made that she was with child by the Holy Spirit.
 του δε ιησου χριστου η γεννησις ουτως ην μηνηστευθεισης γαρ της μητρος αυτου μαριας τω ιωσηφ πριν η συνελθειν αυτους ευρεθη εν γαστρι εχουσα εκ πνευματος αγιου
- 19 Jozèf, fyanse l' la, te yon nonm debyen. Li pa t' vle fè eskandal ak sa. Li te vle kase fiansaj la san bri san kont.
 And Joseph, her husband, being an upright man, and not desiring to make her a public example, had a mind to put her away privately.
 ιωσηφ δε ο ανηρ αυτης δικαιος ων και μη θελων αυτην παραδειγματισαι εβουληθη λαθρα απολυσαι αυτην
- 20 Li t'ap kalkile sou jan li tapral fè sa lè li wè yon zanj Bondye parèt devan li nan dòmi. Zanj lan di li: Jozèf, pitit pitit David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou. Paske, pitit l'ap pote a se travay Sentespri.
 But when he was giving thought to these things, an angel of the Lord came to him in a dream, saying, Joseph, son of David, have no fear of taking Mary as your wife; because that which is in her body is of the Holy Spirit.
 ταυτα δε αυτου ενθυμηθεντος ιδου αγγελος κυριου κατ οναρ εφανη αυτω λεγων ιωσηφ υιος δαβιδ μη φοβηθης παραλαβειν μαριαμ την γυναικα σου το γαρ εν αυτη γεννηθεν εκ πνευματος εστιν αγιου
- 21 Li pral fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l' yo.
 And she will give birth to a son; and you will give him the name Jesus; for he will give his people salvation from their sins.
 τεξεται δε υιον και καλεσεις το ονομα αυτου ιησουν αυτος γαρ σωσει τον λαον αυτου απο των αμαρτιων αυτων
- 22 Tou sa pase konsa pou pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te ka rive vre. Men sa l' te di:
 Now all this took place so that the word of the Lord by the prophet might come true,
 τουτο δε ολον γεγονεν ινα πληρωθη το ρηθεν υπο του κυριου δια του προφητου λεγοντος
- 23 Men li, jenn fi a pral ansent, li pral fè yon pitit gason. y'a rele l' Emannwèl. (Non sa a vle di: Bondye avèk nou.)
 See, the virgin will be with child, and will give birth to a son, and they will give him the name Immanuel, that is, God with us.
 ιδου η παρθενος εν γαστρι εξει και τεξεται υιον και καλεσουσιν το ονομα αυτου εμμανουηλ ο εστιν μεθερμηνευομενον μεθ ημων ο θεος
- 24 Lè Jozèf leve nan dòmi an, li fè tou sa zanj Bondye a te di l' fè: li pran madanm li lakay li.
 And Joseph did as the angel of the Lord had said to him, and took her as his wife;
 διεγερθεις δε ο ιωσηφ απο του υπνου εποισεν ως προσεταξεν αυτω ο αγγελος κυριου και παρελαβεν την γυναικα αυτου
- 25 Men, Jozèf pa t' kouche ak Mari, jouk lè li te fin akouche yon ti gason. Jozèf te rele pitit la Jezi.
 And he had no connection with her till she had given birth to a son; and he gave him the name Jesus.
 και ουκ εγινωσκεν αυτην εως ου ετεκεν τον υιον αυτης τον πρωτοτοκον και εκαλεσεν το ονομα αυτου ιησουν
- 1 ¶ Jezi te fèt lavil Betleyèm nan peyi Jide, sou tan wa Ewòd. Apre li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal yo soti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm.
 Now when the birth of Jesus took place in Beth-lehem of Judaea, in the days of Herod the king, there came wise men from the east to Jerusalem,
 του δε ιησου γεννηθεντος εν βηθλεεμ της ιουδαιας εν ημεραις ηρωδου του βασιλεως ιδου μαγοι απο ανατολων παρεγενοντο εις ιεροσολυμα

- 2 Yo t'ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li.
Saying, Where is the King of the Jews whose birth has now taken place? We have seen his star in the east and have come to give him worship.
λεγοντες που εστιν ο τεχνης βασιλευς των ιουδαιων ειδομεν γαρ αυτου τον αστερα εν τη ανατολη και ηλθομεν προσκυνησαι αυτω
- 3 Lè wa Ewòd pran nouvèl la, sa te boulvèse tèt li. Sa te boulvèse tout moun lavil Jerizalèm yo tou.
And when it came to the ears of Herod the king, he was troubled, and all Jerusalem with him.
ακουσας δε ηρωδης ο βασιλευς εταραχθη και πασα ιεροσολυμα μετ αυτου
- 4 Ewòd reyini tout chèf prèt yo ansanm ak direktè lalwa yo ki t'ap dirije pèp jwif la. Li mande yo: Ki kote Kris la gen pou l' fèt?
And he got together all the chief priests and scribes of the people, questioning them as to where the birth-place of the Christ would be.
και συναγαγων παντας τους αρχιερεις και γραμματεις του λαου επυνθανετο παρ αυτων που ο χριστος γεννεται
- 5 Yo reponn li: Se lavil Betleyèm nan peyi Jide li gen pou l' fèt. Paske, men sa pwofèt la te ekri:
And they said to him, In Beth-lehem of Judaea; for so it is said in the writings of the prophet,
οι δε ειπον αυτω εν βηθλεεμ της ιουδαιας ουτως γαρ γεγραπται δια του προφητου
- 6 Ou menm, Betleyèm, ki bati sou tè Jida a, pawòl sèten: se pa ou ki pi piti nan tout lavil peyi Jida yo. Paske, gen yon chèf ki gen pou soti lakay ou. Se li menm ki va kondi moun Izrayèl yo, pèp mwen an.
You Beth-lehem, in the land of Judah, are not the least among the chiefs of Judah: out of you will come a ruler, who will be the keeper of my people Israel.
και συ βηθλεεμ γη ιουδα ουδαμως ελαχιστη ει εν τοις ηγεμοσιν ιουδα εκ σου γαρ εξελευσεται ηγουμενος οστις ποιμανει τον λαον μου τον ισραηλ.
- 7 Se konsa, Ewòd fè nèg save yo vin jwenn li an kachèt. Li mande yo kilè egzakteman zetwal la te parèt.
Then Herod sent for the wise men privately, and put questions to them about what time the star had been seen.
τοτε ηρωδης λαθρα καλεσας τους μαγους ηκριβωσεν παρ αυτων τον χρονον του φαινομενου αστερος
- 8 Apre sa, li voye yo ale Betleyèm. Li di yo: Ale non! Chache konnen tout bagay sou ti pitit la. Lè n'a jwenn li, fè m' konnen pou m' sa kapab al adore l', mwen menm tou.
And he sent them to Beth-lehem and said, Go and make certain where the young child is; and when you have seen him, let me have news of it, so that I may come and give him worship.
και πεμψας αυτους εις βηθλεεμ ειπεν πορευθεντες ακριβως εξετασατε περι του παιδιου επαν δε ευρητε απαγγειλατε μοι οπως καγω ελθων προσκυνησω αυτω
- 9 ¶ Apre wa a te fin di yo sa, nèg save yo pati. Lè sa a, zetwal yo te wè nan peyi solèy leve a parèt devan yo ankò. Li t'ap mache devan yo. Zetwal la kontinye konsa jouk li rive sou tèt kay kote ti pitit la te ye a. Epi l' rete.
And after hearing the king, they went on their way; and the star which they saw in the east went before them, till it came to rest over the place where the young child was.
οι δε ακουσαντες του βασιλευος επορευθησαν και ιδου ο αστηρ ον ειδον εν τη ανατολη προηγεν αυτους εως ελθων εστη επανω ου ην το παιδιον
- 10 Lè yo te wè zetwal la, yo pa t' manke kontan.
And when they saw the star they were full of joy.
ιδοντες δε τον αστερα εχαρησαν χαραν μεγαλην σφοδρα
- 11 Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo mete ajenou devan l', yo adore l'. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil kado: te gen lò, lansan ak lami.
And they came into the house, and saw the young child with Mary, his mother; and falling down on their faces they gave him worship; and from their store they gave him offerings of gold, perfume, and spices.
και ελθοντες εις την οικιαν ευρον το παιδιον μετα μαριας της μητρος αυτου και πεσοντες προσεκυνησαν αυτω και ανοιξαντες τους θησαυρους αυτων προσηνεγκαν αυτω δωρα χρυσον και λιβανον και σμυρναν
- 12 Apre sa, Bondye pale ak nèg save yo nan dòmi, li avèti yo pou yo pa tounen bò kote Ewòd ankò. Se konsa mesye yo fè yon lòt wout pou yo tounen al nan peyi yo.
And it was made clear to them by God in a dream that they were not to go back to Herod; so they went into their country by another way.
και χρηματισθεντες κατ οναρ μη ανακαμψαι προς ηρωδην δι αλλης οδου ανεχωρησαν εις την χωραν αυτων
- 13 ¶ Lè nèg save yo fin ale, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi. Zanj lan di l' konsa: Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l'. Sove ale nan peyi Lejip. Wa rete la jouk lè m'a di ou pou ou tounen. Paske, Ewòd pral chache touye ti pitit la.
And when they had gone, an angel of the Lord came to Joseph in a dream, saying, Get up and take the young child and his mother, and go into Egypt, and do not go from there till I give you word; for Herod will be searching for the young child to put him to death.
αναχωρησαντων δε αυτων ιδου αγγελος κυριου φαινεται κατ οναρ τω ιωσηφ λεγων εγερθεις παραλαβε το παιδιον και την μητερα αυτου και φυγε εις αιγυπτον και ισθι εκει εως αν ειπω σοι μελλει γα ρ ηρωδης ζητειν το παιδιον του απολεσαι αυτω

- 14 Jozèf leve nan mitan lannwit lan, li pran ti pitit la ansanm ak manman l'. Li pati, li ale nan peyi Lejip.
So he took the young child and his mother by night, and went into Egypt;
ο δε εγερθεις παρελαβεν το παιδιον και την μητερα αυτου νυκτος και ανεχωρησεν εις αιγυπτον
- 15 Jozèf rete la jouk lè Ewòd mouri. Se konsa, pawòl Bondye te mete nan bouch pwofèt la te rive vre. Li te di: Mwen rele pitit mwen, mwen fè l' soti kite peyi Lejip.
And was there till the death of Herod; so that the word of the Lord through the prophet might come true, Out of Egypt have I sent for my son.
και ην εκει εως της τελευτης ηρωδου ινα πληρωθη το ρηθεν υπο του κυριου δια του προφητου λεγοντος εξ αιγυπτου εκαλεσα τον υιον μου
- 16 ¶ Lè Ewòd wè nèg save yo te pase l' nan jwèt, li fè yon gwo kòlè. Li bay lòd touye tout ti pitit gason ki te nan lavil Betleyèm ak nan tout vwazinaj la, depi sa ki te fèk fèt jouk sa ki te gen dezan, dapre dat nèg save yo te ba li a.
Then Herod, when he saw that he had been tricked by the wise men, was very angry; and he sent out, and put to death all the male children in Beth-lehem and in all the parts round about it, from two years old and under, acting on the knowledge which he had got with care from the wise men.
τοτε ηρωδης ιδων οτι ενεπαυχθη υπο των μαγων εθυμωθη λιαν και αποστειλας ανελεν παντας τους παιδας τους εν βηθλεεμ και εν πασιν τοις οριοις αυτης απο διετους και κατωτερω κατα τον χρονον ον ηκριβωσεν παρα των μαγων
- 17 Se konsa, pawòl pwofèt Jeremi te di a rive vre:
Then the word of Jeremiah the prophet came true,
τοτε επληρωθη το ρηθεν υπο ιερεμιου του προφητου λεγοντος
- 18 Yo tandè yon rèl nan lavil Rama. Yo tandè kriye ak gwo anmwè. Se Rachèl k'ap kriye pou pitit li yo. Li pa vle pesonn ba li kouraj, paske pitit li yo mouri.
In Ramah there was a sound of weeping and great sorrow, Rachel weeping for her children, and she would not be comforted for their loss.
φωνη εν ραμα ηκουσθη θρηνος και κλαιμος και οδυρμος πολυς ραχηλ. κλαιουσα τα τεκνα αυτης και ουκ ηθελεν παρακληθηναι οτι ουκ εισιν
- 19 ¶ Apre Ewòd mouri, yon zanj Bondye parèt devan Jozèf nan dòmi, antan l' nan peyi Lejip la.
But when Herod was dead, an angel of the Lord came in a dream to Joseph in Egypt,
τελευτησαντος δε του ηρωδου ιδου αγγελος κυριου κατ οναρ φαινεται τω ιωσηφ εν αιγυπτο
- 20 Zanj lan di l': Leve non, pran ti pitit la ansanm ak manman l', tounen nan peyi Izrayèl la. Paske, moun ki te vle touye ti pitit la, yo mouri.
Saying, Get up and take the young child and his mother, and go into the land of Israel: because they who were attempting to take the young child's life are dead.
λεγων εγερθεις παραλαβε το παιδιον και την μητερα αυτου και πορευου εις γην ισραηλ τεθνηκασιν γαρ οι ζητουντες την ψυχην του παιδιου
- 21 Lamenm Jozèf leve, li pran ti pitit la ansanm ak manman l', li tounen nan peyi Izrayèl la.
And he got up, and took the young child and his mother, and came into the land of Israel.
ο δε εγερθεις παρελαβεν το παιδιον και την μητερα αυτου και ηλθεν εις γην ισραηλ
- 22 Men, lè Jozèf vin konnen se Akelayis ki t'ap gouvènen peyi Jide a nan plas Ewòd, papa l', Jozèf te pè ale la. Bondye pale avè l' ankò nan dòmi. Lè sa a, li pati, li ale nan peyi Galile.
But when it came to his ears that Archelaus was ruling over Judaea in the place of his father Herod, he was in fear of going there; and God having given him news of the danger in a dream, he went out of the way into the country parts of Galilee.
ακουσας δε οτι αρχελαος βασιλευει επι της ιουδαιας αντι ηρωδου του πατρος αυτου εφοβηθη εκει απελθειν χρηματισθεις δε κατ οναρ ανεχωρησεν εις τα μερη της γαλιλαιας
- 23 Li vin rete nan yon vil yo rele Nazaret. Se konsa, pawòl pwofèt yo te di a rive vre: y'a rele l' moun Nazaret.
And he came and was living in a town named Nazareth: so that the word of the prophets might come true, He will be named a Nazarene.
και ελθων κατοικησεν εις πολιν λεγομενην ναζαρετ οπως πληρωθη το ρηθεν δια των προφητων οτι ναζωραιος κληθησεται
- 1 ¶ Lè sa a, Jan Batis parèt nan dezè Jide a. Li t'ap mache bay mesaj sa a.
And in those days John the Baptist came preaching in the waste land of Judaea,
εν δε ταις ημεραις εκειναις παραγινεται ιωαννης ο βαπτιστης κηρυσσων εν τη ερημω της ιουδαιας
- 2 Li t'ap di: Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men l'.
Saying, Let your hearts be turned from sin; for the kingdom of heaven is near.
και λεγων μετανοειτε ηγγικεν γαρ η βασιλεια των ουρανων
- 3 Se sou Jan pwofèt Ezayi t'ap pale lè l' te di: Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Planì chemen an byen plani pou li.
For this is he of whom Isaiah the prophet said, The voice of one crying in the waste land, Make ready the way of the Lord, make his roads straight.
ουτος γαρ εστιν ο ρηθεις υπο ησαιου του προφητου λεγοντος φωνη βοωντος εν τη ερημω ετοιμασατε την οδον κυριου ευθειας ποιειτε τας τριβους αυτου

- 4 Jan te gen yon rad fèt ak pwal chamo sou li, li te mare ren l' ak yon sentiwon an po. Li te manje krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa.
Now John was clothed in camel's hair, with a leather band about him; and his food was locusts and honey.
αυτος δε ο ιωαννης ειχεν το ενδυμα αυτου απο τριχων καμηλου και ζωνην δερματινην περι την οσφον αυτου η δε τροφη αυτου ην ακριδες και μελι αγριου
- 5 Moun soti lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj larivyè Jouden an, yo tout te vin jwenn Jan.
Then Jerusalem and all Judaea went out to him, and all the people from near Jordan;
τοτε εξεπορευετο προς αυτον ιεροσολυμα και πασα η ιουδαια και πασα η περιχωρος του ιορδανου
- 6 Yo te konfese peche yo devan tout moun. Apre sa, Jan te batize yo nan larivyè Jouden an.
And they were given baptism by him in the river Jordan, saying openly that they had done wrong.
και εβαπτιζοντο εν τω ιορδανη υπ αυτου εξομολογουμενοι τας αμαρτιας αυτων
- 7 ¶ Lè Jan wè te gen anpil farizyen ak sadiseyen ki t'ap vin jwenn li pou resevwa batèm nan men l', li di yo: Bann vèmen! Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kòlè Bondye k'ap vini an?
But when he saw a number of the Pharisees and Sadducees coming to his baptism, he said to them, Offspring of snakes, at whose word are you going in flight from the wrath to come?
ιδων δε πολλους των φαρισαιων και σαδδουκαιων ερχομενους επι το βαπτισμα αυτου ειπεν αυτοις γεννηματα εχιδων τις υπεδειξεν υμιν φυγειν απο της μελλουσης οργης
- 8 Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon.
Let your change of heart be seen in your works:
ποιησατε ουν καρπους αξιους της μετανοιας
- 9 Pa konprann nou ka di nan kè nou: Se pitit pitit Abraram nou ye. Paske, mwen p'ap kache di nou sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit pou Abraram.
And say not to yourselves, We have Abraham for our father; because I say to you that God is able from these stones to make children for Abraham.
και μη δοξητε λεγειν εν εαυτοις πατερα εχομεν τον αβρααμ λεγω γαρ υμιν οτι δυναται ο θεος εκ των λιθων τουτων εγειραι τεκνα τω αβρααμ
- 10 Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin pyebwa yo. Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral koupe sa jete nan dife.
And even now the axe is put to the root of the trees; every tree then which does not give good fruit is cut down, and put into the fire.
ηδη δε και η αξινη προς την ριζαν των δενδρων κειται παν ουν δενδρον μη ποιουν καρπον καλον εκκοπτεται και εις πυρ βαλλεται
- 11 Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, pou fè wè nou tounen vin jwenn Bondye. Men, moun k'ap vin apre mwen an gen plis pouwva anpil pase m'. Mwen pa bon ase menm pou m' ta wete sapat ki nan pye li. Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife.
Truly, I give baptism with water to those of you whose hearts are changed; but he who comes after me is greater than I, whose shoes I am not good enough to take up: he will give you baptism with the Holy Spirit and with fire:
εγω μεν βαπτιζω υμας εν υδατι εις μετανοιαν ο δε οπισω μου ερχομενος ισχυροτερος μου εστιν ου ουκ ειμι ικανος τα υποδηματα βαστασαι αυτος υμας βαπτισει εν πνευματι αγιω και πυρι
- 12 Li gen laye l' nan men li. L'ap vannen tout grenn ki sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan galata li; men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm mouri.
In whose hand is the instrument with which he will make clean his grain; he will put the good grain in his store, but the waste will be burned up in the fire which will never be put out.
ου το πτυον εν τη χειρι αυτου και διακαθαριει την αλωνα αυτου και συναξει τον σιτον αυτου εις την αποθηκην το δε αχυρον κατακαυσει πυρι ασβεστο
- 13 ¶ Lè sa a, Jezi soti nan peyi Galile, li vin larivyè Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li.
Then Jesus came from Galilee to John at the Jordan, to be given baptism by him.
τοτε παραγινεται ο ιησους απο της γαλιλαιας επι τον ιορδανην προς τον ιωαννην του βαπτισθηναι υπ αυτου
- 14 Men, Jan pa t' dakò pou sa menm. Li di l': Se ou ki pou ta batize m', epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou m' batize ou?
But John would have kept him back, saying, It is I who have need of baptism from you, and do you come to me?
ο δε ιωαννης διεκωλυεν αυτον λεγων εγω χρειαν εχω υπο σου βαπτισθηναι και συ ερχη προς με
- 15 Jezi reponn li: Kite sa fèt konsa koulye a. Se konsa pou nou fè tou sa Bondye mande. Jan pa t' kenbe tèt avè l' ankò.
But Jesus made answer, saying to him, Let it be so now: because so it is right for us to make righteousness complete. Then he gave him baptism.
αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν προς αυτον αφες αρτι ουτως γαρ πρεπον εστιν ημιν πληρωσαι πασαν δικαιοσυνην τοτε αφησιν αυτον
- 16 Fini Jan fin batize l', Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la louvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fòm yon ti pijon vin sou li.
And Jesus, having been given baptism, straight away went up from the water; and, the heavens opening, he saw the Spirit of God coming down on him as a dove;
και βαπτισθεις ο ιησους ανεβη ευθυσ απο του υδατος και ιδου ανεωχθησαν αυτω οι ουρανοι και ειδεν το πνευμα του θεου καταβαινον ωσει περιστερην και ερχομενον επ αυτον

- 17 Lè sa a, yon vwa soti nan syèl la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil.
And a voice came out of heaven, saying, This is my dearly loved Son, with whom I am well pleased.
και ιδου φωνη εκ των ουρανων λεγουσα ουτος εστιν ο υιος μου ο αγαπητος εν ω ευδοκησα
- 1 ¶ Apre sa, Lespri Bondye poue Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l'.
Then Jesus was sent by the Spirit into the waste land to be tested by the Evil One.
τοτε ο ιησους ανηχθη εις την ερημον υπο του πνευματος πειρασθηναι υπο του διαβολου
- 2 Jezi pase karant jou ak karant nwit san manje. Apre sa, li vin grangou.
And after going without food for forty days and forty nights, he was in need of it.
και νηστευσας ημερας τεσσαρακοντα και νυκτας τεσσαρακοντα υστερον επεινασεν
- 3 Lè sa a, Satan pwoche bò kote l' pou sonde l'. Li di l' konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen.
And the Evil One came and said to him, If you are the Son of God, give the word for these stones to become bread.
και προσελθων αυτω ο πειραζων ειπεν ει υιος ει του θεου ειπε ινα οι λιθοι ουτοι αρτοι γενωνται
- 4 Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou.
But he made answer and said, It is in the Writings, Bread is not man's only need, but every word which comes out of the mouth of God.
ο δε αποκριθεις ειπεν γεγραπται ουκ επ αρτω μονω ζησεται ανθρωπος αλλ επι παντι ρηματι εκπορευομενω δια στοματος θεου
- 5 Apre sa, grandyab la mennen l' lavil Jerizalèm. Li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan.
Then the Evil One took him to the holy town; and he put him on the highest point of the Temple and said to him,
τοτε παραλαμβανει αυτον ο διαβολος εις την αγιαν πολιν και ιστησιν αυτον επι το πτερυγιον του ιερου
- 6 Li di Jezi konsa: Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou. y'a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch.
If you are the Son of God, let yourself go down; for it is in the Writings, He will give his angels care over you; and, In their hands they will keep you up, so that your foot may not be crushed against a stone.
και λεγει αυτω ει υιος ει του θεου βαλε σεαυτον κατω γεγραπται γαρ οτι τοις αγγελοις αυτου εντελειται περι σου και επι χειρων αρουσιν σε μηποτε προσκοψης προς λιθον τον ποδα σου
- 7 Jezi reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou.
Jesus said to him, Again it is in the Writings, You may not put the Lord your God to the test.
εφη αυτω ο ιησους παλιν γεγραπται ουκ εκπειρασεις κυριον τον θεον σου
- 8 Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l' tout peyi ki sou latè ansanm ak tout riches yo.
Again, the Evil One took him up to a very high mountain, and let him see all the kingdoms of the world and the glory of them;
παλιν παραλαμβανει αυτον ο διαβολος εις ορος υψηλον λιαν και δεικνυσιν αυτω πασας τας βασιλειας του κοσμου και την δοξαν αυτων
- 9 Li di l' konsa: M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m' pou ou adore m'.
And he said to him, All these things will I give you, if you will go down on your face and give me worship.
και λεγει αυτω ταυτα παντα σοι δωσω εαν πεσων προσκυνησης μοι
- 10 Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.
Then said Jesus to him, Away, Satan: for it is in the Writings, Give worship to the Lord your God and be his servant only.
τοτε λεγει αυτω ο ιησους υπαγε σατανα γεγραπται γαρ κυριον τον θεον σου προσκυνησεις και αυτω μονω λατρευσεις
- 11 Fwa sa a, grandyab la kite l'. Latou, kèk zanj Bondye pwoche bò kote Jezi, yo sèvi l'.
Then the Evil One went away from him, and angels came and took care of him.
τοτε αφησιν αυτον ο διαβολος και ιδου αγγελοι προσηλθον και διηκονουν αυτω
- 12 ¶ Lè Jezi tande yo te mete Jan Batis nan prizon, li wete kò l', li ale nan peyi Galile.
Now when it came to his ears that John had been put in prison, he went away to Galilee;
ακουσας δε ο ιησους οτι ιωαννης παρεδοθη ανεχωρησεν εις την γαλιλαιαν
- 13 Li kite lavil Nazaret, li ale rete nan yon vil yo rele Kapènawòm, ki te toupre lanmè Galile a, sou tè moun Zabilon ak moun Neftali yo.
And going away from Nazareth, he came and made his living-place in Capernaum, which is by the sea, in the country of Zebulun and Naphtali:
και καταλιπων την ναζαρετ ελθων κατοκησεν εις καπερναουμ την παραθαλασσιαν εν οριοις ζαβουλων και νεφθαλειμ

- 14 **Konsa, pawòl pwofèt Ezayi te di a rive vre:**
So that the word of the prophet Isaiah might come true,
 ινα πληρωθη το ρηθεν δια ησαιου του προφητου λεγοντος
- 15 **Peyi Zabilon ak peyi Neftali ki sou wout pou ale bò lanmè a, peyi ki lòt bò larivyè Jouden an, peyi Galile kote moun lòt nasyon yo ap viv la,**
The land of Zebulun and the land of Naphtali, by the way of the sea, the other side of Jordan, Galilee of the Gentiles,
 γη ζαβουλων και γη νεφθαλειμ οδον θαλασσης περαν του ιορδανου γαλιλαια των εθνων
- 16 **pèp ki t'ap viv nan fènwa a wè yon gwo limyè. Limyè a klere pou moun ki t'ap viv nan peyi ki anba lonbraj lanmò a.**
The people who were in the dark saw a great light, and to those in the land of the shade of death did the dawn come up.
 ο λαος ο καθημενος εν σκοτει ειδε φως μεγα και τοις καθημενοις εν χωρα και σκια θανατου φως ανετειλεν αυτοις
- 17 **Depi lè sa a, Jezi kòmanse ap mache bay mesaj li a. Li t'ap di: Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li.**
From that time Jesus went about preaching and saying, Let your hearts be turned from sin, for the kingdom of heaven is near.
 απο τοτε ηρξατο ο ιησους κηρυσσειν και λεγειν μετανοιετε ηγγικεν γαρ η βασιλεια των ουρανων
- 18 **¶ Antan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè de frè: Simon, yo rele Pyè a, ak Andre, frè li. Yo t'ap voye privye nan lanmè a, paske se pechè pwason yo te ye.**
And when he was walking by the sea of Galilee, he saw two brothers, Simon, whose other name was Peter, and Andrew, his brother, who were putting a net into the sea; for they were fishermen.
 περιπατων δε ο ιησους παρα την θαλασσαν της γαλιλαιας ειδεν δυο αδελφους σιμωνα τον λεγομενον πετρον και ανδρεαν τον αδελφον αυτου βαλλοντας αμφιβληστρον εις την θαλασσαν ησαν γαρ αλιει
 ς
- 19 **Jezi di yo konsa: vin jwenn mwen, m'a fè nou tounen pechè moun pito.**
And he said to them, Come after me, and I will make you fishers of men.
 και λεγει αυτοις δευτε οπισω μου και ποιησω υμας αλιεις ανθρωπων
- 20 **Lamenm, yo kite privye yo, y' ale avèk li.**
And straight away they let go the nets and went after him.
 οι δε ευθεως αφεντες τα δικτυα ηκολουθησαν αυτω
- 21 **Jezi vanse pi lwen, li wè de lòt frè, Jak avèk Jan, pitit Zebede yo. Yo te chita nan kannòt yo ansanm ak papa yo, yo t'ap repare privye yo. Jezi rele yo.**
And going on from there he saw two other brothers, James, the son of Zebedee, and John, his brother, in the boat with their father, stitching up their nets; and he said, Come.
 και προβας εκειθεν ειδεν αλλους δυο αδελφους ιακωβον τον του ζεβεδαιου και ιωαννην τον αδελφον αυτου εν τω πλοιω μετα ζεβεδαιου του πατρος αυτων καταρτιζοντας τα δικτυα αυτων και εκαλεσ
 εν αυτοις
- 22 **Lamenm, yo kite kannòt la ansanm ak papa yo, y' ale avèk li.**
And they went straight from the boat and their father and came after him.
 οι δε ευθεως αφεντες το πλοιοι και τον πατερα αυτων ηκολουθησαν αυτω
- 23 **¶ Jezi t'ap mache toupatou nan peyi Galile a. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg yo. Li t'ap anonse Bon Nouvèl peyi kote Bondye wa a. Li t'ap geri tout kalite maladi ak tout kalite enfimite pèp la te ka genyen.**
And Jesus went about in all Galilee, teaching in their Synagogues and preaching the good news of the kingdom, and making well those who were ill with any disease among the people.
 και περιηγεν ολην την γαλιλαιαν ο ιησους διδασκων εν ταις συναγωγαις αυτων και κηρυσσων το ευαγγελιον της βασιλειας και θεραπευων πασαν νοσον και πασαν μαλακιαν εν τω λαω
- 24 **Toupatou nan peyi Siri a, se tout moun ki t'ap nonmen non li. Se sa ki fè yo te mennen tout kalite moun malad ba li, ansanm ak tout moun ki soufri doulè, moun ki te gen move lespri sou yo, moun ki soufri malkadi ak moun ki paralize. Jezi geri yo tout.**
And news of him went out through all Syria; and they took to him all who were ill with different diseases and pains, those having evil spirits and those who were off their heads, and those who had no power of moving. And he made them well.
 και απηλθεν η ακοη αυτου εις ολην την συριαν και προσηνεγκαν αυτω παντας τους κακως εχοντας ποικιλιας νοσοις και βασανοις συνεχομενους και δαιμονιζομενους και σεληνιαζομενους και παραλυτ
 ικουσ και εθεραπευσεν αυτοις
- 25 **Yon bann moun t'ap swiv li. Yo te soti toupatou: te gen moun Galile, moun Dis Vil yo, moun lavil Jerizalèm, moun Jide ak moun nan peyi lòt bò larivyè Jouden an.**
And there went after him great numbers from Galilee and Decapolis and Jerusalem and Judaea and from the other side of Jordan.
 και ηκολουθησαν αυτω οχλοι πολλοι απο της γαλιλαιας και δεκαπολεως και ιεροσολυμων και ιουδαιας και περαν του ιορδανου

- 1 ¶ Lè Jezi wè foul moun yo, li moute sou yon mòn. Li chita. Disip li yo pwoche bò kote l'.
And seeing great masses of people he went up into the mountain; and when he was seated his disciples came to him.
 ιδων δε τους οχλους ανεβη εις το ορος και καθισαντος αυτου προσηλθον αυτω οι μαθηται αυτου
- 2 Li tanmen moutre moun yo anpil bagay. Li di yo:
And with these words he gave them teaching, saying,
 και ανοιξας το στομα αυτου εδιδασκεν αυτους λεγων
- 3 ¶ Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.
Happy are the poor in spirit: for the kingdom of heaven is theirs.
 μακαριοι οι πτωχοι τω πνευματι οτι αυτων εστιν η βασιλεια των ουρανων
- 4 Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye va ba yo kouraj.
Happy are those who are sad: for they will be comforted.
 μακαριοι οι πενθουντες οτι αυτοι παρακληθησονται
- 5 Benediksyon pou moun ki dou, paske y'a resewva byen Bondye te sere pou yo a sou latè.
Happy are the gentle: for the earth will be their heritage.
 μακαριοι οι πραεις οτι αυτοι κληρονομησουσιν την γην
- 6 Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a.
Happy are those whose heart's desire is for righteousness: for they will have their desire.
 μακαριοι οι πεινωντες και διψωντες την δικαιοσυνην οτι αυτοι χορτασθησονται
- 7 Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou.
Happy are those who have mercy: for they will be given mercy.
 μακαριοι οι ελεημονες οτι αυτοι ελεηθησονται
- 8 Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè Bondye.
Happy are the clean in heart: for they will see God.
 μακαριοι οι καθαροι τη καρδια οτι αυτοι τον θεον οψονται
- 9 Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, paske Bondye va rele yo pitit li.
Happy are the peacemakers: for they will be named sons of God.
 μακαριοι οι ειρηνοποιοι οτι αυτοι υιοι θεου κληθησονται
- 10 Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.
Happy are those who are attacked on account of righteousness: for the kingdom of heaven will be theirs.
 μακαριοι οι δεδιωγμενοι ενεκεν δικαιοσυνης οτι αυτων εστιν η βασιλεια των ουρανων
- 11 Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye.
Happy are you when men give you a bad name, and are cruel to you, and say all evil things against you falsely, because of me.
 μακαριοι εστε οταν ονειδισωσιν υμας και διωξωσιν και ειπωσιν παν πονηρον ρημα καθ υμων ψευδομενοι ενεκεν εμου
- 12 Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo.
Be glad and full of joy; for great is your reward in heaven: for so were the prophets attacked who were before you.
 χαρητε και αγαλλιασθε οτι ο μισθος υμων πολυς εν τοις ουρανοις ουτως γαρ εδιωξαν τους προφητας τους προ υμων
- 13 ¶ Se sèl nou ye pou moun sou latè. Si sèl la pèdi gou l', ak kisa pou yo ba li gou ankò? Li pa vo anyen ankò. Se jete pou yo voye sa jete deyò, pou moun pile sa anba pye yo.
You are the salt of the earth; but if its taste goes from the salt, how will you make it salt again? it is then good for nothing but to be put out and crushed under foot by men.
 υμεις εστε το αλας της γης εαν δε το αλας μωρανθη εν τινι αλισθησεται εις ουδεν ισχυει ετι ει μη βληθηναι εξω και καταπατεισθαι υπο των ανθρωπων
- 14 Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn.
You are the light of the world. A town put on a hill may be seen by all.
 υμεις εστε το φως του κοσμου ου δυναται πολις κρυβηναι επανω ορους κειμενη

- 15 Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la.
And a burning light is not put under a vessel, but on its table; so that its rays may be shining on all who are in the house.
ουδε καιουσιν λυχνον και τιθεασιν αυτον υπο τον μοδιον αλλ επι την λυχνιαν και λαμπει πασιν τοις εν τη οικια
- 16 Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.
Even so let your light be shining before men, so that they may see your good works and give glory to your Father in heaven.
ουτως λαμψατω το φως υμων εμπροσθεν των ανθρωπων οπως ιδωσιν υμων τα καλα εργα και δοξασωσιν τον πατερα υμων τον εν τοις ουρανοις
- 17 ¶ Pa mete nan tèt nou mwen vin aboli lalwa Moyiz la ak sa pwofèt yo te moutre nou. Mwen pa vin pou aboli yo, mwen vin moutre sa yo vle di tout bon.
Let there be no thought that I have come to put an end to the law or the prophets. I have not come for destruction, but to make complete.
μη νομισητε οτι ηλθον καταλυσαι τον νομον η τους προφητας ουκ ηλθον καταλυσαι αλλα πληρωσαι
- 18 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: tout tan syèl la ak tè a va la, pa yon ti detay, ni yon sèl ti bout lèt nan lalwa a p'ap disparèt, jouk tout bagay ki pou rive yo rive.
Truly I say to you, Till heaven and earth come to an end, not the smallest letter or part of a letter will in any way be taken from the law, till all things are done.
αμην γαρ λεγω υμιν εως αν παρελθη ο ουρανος και η γη ιωτα εν η μια κεραια ου μη παρελθη απο του νομου εως αν παντα γενηται
- 19 Se sa ki fè, moun ki va dezobeyi yonn nan pi piti nan kòmandman sa yo, epi ki va moutre lòt moun pou yo fè menm jan an tou, moun sa a va pase pou pi piti nan Peyi Wa ki nan syèl la. Konsa tou, moun ki obeyi kòmandman sa yo, k'ap moutre lòt moun jan pou yo fè l' tou, moun sa a va pase pou pi gran nan Peyi Wa ki nan syèl la.
Whoever then goes against the smallest of these laws, teaching men to do the same, will be named least in the kingdom of heaven; but he who keeps the laws, teaching others to keep them, will be named great in the kingdom of heaven.
ος εαν ουν λυση μιαν των εντολων τουτων των ελαχιστων και διδαξη ουτως τους ανθρωπους ελαχιστος κληθησεται εν τη βασιλεια των ουρανων ος δ αν ποιηση και διδαξη ουτος μεγας κληθησεται εν τη βασιλεια των ουρανων
- 20 Paske m'ap di nou sa: Si nou pa obeyi Lalwa Bondye a pi byen pase farizyen yo ak direktè lalwa yo, si nou pa viv pi byen pase yo, nou p'ap kapab antre nan Peyi Wa ki nan syèl la.
For I say to you, If your righteousness is not greater than the righteousness of the scribes and Pharisees, you will never go into the kingdom of heaven.
λεγω γαρ υμιν οτι εαν μη περισσευση η δικαιοσυνη υμων πλειον των γραμματεων και φαρισαιων ου μη εισελθητε εις την βασιλειαν των ουρανων
- 21 ¶ Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di zansèt nou yo: Piga ou janm touye moun. Moun ki touye moun, se pou yo jije yo.
You have knowledge that it was said in old times, You may not put to death; and, Whoever puts to death will be in danger of being judged:
ηκουσατε οτι ερρεθη τοις αρχαιοις ου φονευσεις ος δ αν φονευση ενοχος εσται τη κρισει
- 22 Men, mwen menm, men sa m'ap di nou: Nenpòt moun ki ankòlè sou frè l', se pou yo jije li. Moun ki joure frè l' enbesil, se pou yo jije l' devan Gran Konsèy la. Si yon moun di frè l' moun fou, li bon pou yo jete l' nan dife lanfè a.
But I say to you that everyone who is angry with his brother will be in danger of being judged; and he who says to his brother, Raca, will be in danger from the Sanhedrin; and whoever says, You foolish one, will be in danger of the hell of fire.
εγω δε λεγω υμιν οτι πας ο οργιζομενος τω αδελφω αυτου εικη ενοχος εσται τη κρισει ος δ αν ειπη τω αδελφω αυτου ρακα ενοχος εσται τω συνεδριω ος δ αν ειπη μωρε ενοχος εσται εις την γεενναν τ ου πυρος
- 23 Konsa, si lè w'ap mete ofrann ou sou lotèl la bay Bondye, epi antan ou la devan lotèl la, ou chonje frè ou gen kichòy kont ou, men sa pou ou fè:
If then you are making an offering at the altar and there it comes to your mind that your brother has something against you,
εαν ουν προσφερης το δωρον σου επι το θυσιαστηριον κακει μνησθης οτι ο αδελφος σου εχει τι κατα σου
- 24 Kite ofrann lan la devan lotèl la, ale byen ak frè ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin bay Bondye ofrann ou an.
While your offering is still before the altar, first go and make peace with your brother, then come and make your offering.
αφες εκει το δωρον σου εμπροσθεν του θυσιαστηριου και υπαγε πρωτον διαλλαγηθι τω αδελφω σου και τοτε ελθον προσφερε το δωρον σου
- 25 Si yon moun pote plent pou ou nan tribinal, prese mete ou dakò avè l' antan nou prale ansanm nan tribinal la, pou li pa lage ou nan men jij la, pou jij la pa lage ou nan men lapolis, pou yo pa mete ou nan prizon.
Come to an agreement quickly with him who has a cause against you at law, while you are with him on the way, for fear that he may give you up to the judge and the judge may give you to the police and you may be put into prison.
ισθι ευνοων τω αντιδικω σου ταχυ εως οτου ει εν τη οδω μετ αυτου μηποτε σε παραδω ο αντιδικος τω κριτη και ο κριτης σε παραδω τω υπηρετη και εις φυλακην βληθηση
- 26 Sa m'ap di ou la, se vre wi: ou p'ap soté nan prizon an toutotan ou pa peye dènve lajan yo mande ou la.
Truly I say to you, You will not come out from there till you have made payment of the very last farthing.
αμην λεγω σοι ου μη εξελθης εκειθεν εως αν αποδως τον εσχατον κοδραντην

- 27 ¶ Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: Piga ou janm fè adiltè.
You have knowledge that it was said, You may not have connection with another man's wife:
ηκουσατε οτι ερρεθη τοις αρχαιοις ου μοιχευσεις
- 28 Mwen menm, men sa m'ap di nou: Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè l' nan kè l'.
But I say to you that everyone whose eyes are turned on a woman with desire has had connection with her in his heart.
εγω δε λεγω υμιν οτι πας ο βλεπων γυναικα προς το επιθυμησαι αυτης ηδη εμοιχευσεν αυτην εν τη καρδια αυτου
- 29 Si se grenn je dwat ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, rache l' voye jete byen lwen ou. Pito ou pèdi yon sèl manm nan kò ou, pase pou yo voye tout kò ou nèt jete nan lanfè.
And if your right eye is a cause of trouble to you, take it out and put it away from you; because it is better to undergo the loss of one part, than for all your body to go into hell.
ει δε ο οφθαλμος σου ο δεξιος σκανδαλιζει σε εξελε αυτον και βαλε απο σου συμφερει γαρ σοι ινα αποληται εν των μελων σου και μη ολον το σωμα σου βληθη εις γεενναν
- 30 Si se men dwat ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l' voye jete byen lwen ou. Pito ou pèdi yon sèl nan manm ou yo, pase pou tout kò a nèt al nan lanfè.
And if your right hand is a cause of trouble to you, let it be cut off and put it away from you; because it is better to undergo the loss of one part, than for all your body to go into hell.
και ει η δεξια σου χειρ σκανδαλιζει σε εκκοψον αυτην και βαλε απο σου συμφερει γαρ σοι ινα αποληται εν των μελων σου και μη ολον το σωμα σου βληθη εις γεενναν
- 31 Yo te konn di nou tou: Si yon nonm vle kite ak madanm li, fòk li ekri l' yon papye divòs.
Again, it was said, Whoever puts away his wife has to give her a statement in writing for this purpose:
ερρεθη δε οτι ος αν απολυση την γυναικα αυτου δωτω αυτη αποστασιον
- 32 Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Yon nonm ki kite ak madanm li, si se pa pou lenkondit, nonm sa a lakòz madanm lan fè adiltè. Konsa tou, yon nonm ki marye ak yon madanm mari l' kite l', li fè adiltè tou.
But I say to you that everyone who puts away his wife for any other cause but the loss of her virtue, makes her false to her husband; and whoever takes her as his wife after she is put away, is no true husband to her.
εγω δε λεγω υμιν οτι ος αν απολυση την γυναικα αυτου παρεκτος λογου πορνειας ποιει αυτην μοιχασθαι και ος εαν απολελυμενην γαμηση μοιχεται
- 33 ¶ Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di zansèt nou yo: Ou pa dwe refize fè sa ou te sèman pou ou te fè a. Se pou ou fè sa ou te sèman pou fè devan Bondye.
Again, you have knowledge that it was said in old times, Do not take false oaths, but give effect to your oaths to the Lord:
παλιν ηκουσατε οτι ερρεθη τοις αρχαιοις ουκ επιορκησεις αποδωσεις δε τω κυριω τους ορκους σου
- 34 Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Pa fè sèman menm. Pa fè sèman sou syèl la, paske syèl la se fètèy kote Bondye chita.
But I say to you, Take no oaths at all: not by the heaven, because it is the seat of God;
εγω δε λεγω υμιν μη ομοσαι ολωσ μητε εν τω ουρανω οτι θρονος εστιν του θεου
- 35 Pa fè sèman sou tè a, paske tè a se ti ban kote Bondye poze pye li. Pa fè sèman sou lavil Jerizalèm, paske se lavil gwo Wa a.
Or by the earth, because it is the resting-place for his foot; or by Jerusalem, because it is the town of the great King.
μητε εν τη γη οτι υποποδιον εστιν των ποδων αυτου μητε εις ιεροσολυμα οτι πολις εστιν του μεγαλου βασιλεως
- 36 Pa fè sèman non plis sou tèt pa ou, paske ou pa ka fè yon sèl grenn cheve nan tèt ou tounen blan osinon nwa.
You may not take an oath by your head, because you are not able to make one hair white or black.
μητε εν τη κεφαλη σου ομοσης οτι ου δυνασαι μιαν τριχα λευκη η μελαιναν ποιησαι
- 37 Men, lè w'ap pale se wi ak non pou ou genyen ase. Tou sa ou mete an plis, se nan Satan sa sotì.
But let your words be simply, Yes or No: and whatever is more than these is of the Evil One.
εστω δε ο λογος υμων ναι ναι ου ου το δε περισσον τουτων εκ του πονηρου εστιν
- 38 ¶ Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: yon je pou yon je, yon dan pou yon dan.
You have knowledge that it was said, An eye for an eye, and a tooth for a tooth:
ηκουσατε οτι ερρεθη οφθαλμον αντι οφθαλμου και οδοντα αντι οδοντος
- 39 Men mwen menm, men sa m'ap di nou: Pa tire revanj sou moun ki fè nou mal. Si yon moun ba ou yon souflèt sou bò dwat, ba li bò gòch la tou.
But I say to you, Do not make use of force against an evil man; but to him who gives you a blow on the right side of your face let the left be turned.
εγω δε λεγω υμιν μη αντιστηναι τω πονηρω αλλ οστις σε ραπισει επι την δεξιαν σου σιαγωνα στρεψον αυτω και την αλλην

- 40 Si yon moun vle rele ou nan tribinal pou l' pran chemiz ou, kite palto a ba li tou.
And if any man goes to law with you and takes away your coat, do not keep back your robe from him.
και τω θελοντι σοι κριθηαι και τον χιτωνα σου λαβειν αφες αυτω και το ιματιον
- 41 Si yon chèf vle fòse ou pote yon chaj pou li sou distans yon kilomèt, fè de kolomèt avè l'.
And whoever makes you go one mile, go with him two.
και οστις σε αγαρευσει μιλιον εν υπαγε μετ αυτου δυο
- 42 Bay lè moun mande ou. Pa refize prete moun ki mande ou prete.
Give to him who comes with a request, and keep not your property from him who would for a time make use of it.
τω αιτουντι σε διδου και τον θελοντα απο σου δανεισασθαι μη αποστραφης
- 43 ¶ Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: Se pou nou renmen frè parèy nou, men se pou nou rayi lènmi nou yo.
You have knowledge that it was said, Have love for your neighbour, and hate for him who is against you:
ηκουσατε οτι ερρεθη αγαπησεις τον πλησιον σου και μισησεις τον εχθρον σου
- 44 Men mwen menm, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo, lapriyè pou moun k'ap pèsèkite nou.
But I say to you, Have love for those who are against you, and make prayer for those who are cruel to you;
εγω δε λεγω υμιν αγαπατε τους εχθρους υμων ευλογειτε τους καταρωμενους υμας καλωσ ποιειτε τους μισουντας υμας και προσευχεσθε υπερ των επηρεαζοντων υμας και διωκοντων υμας
- 45 Se konsa n'a tounen pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske, li fè solèy la leve ni pou moun ki mechan ni pou moun ki bon. Li fè lapli tonbe ni pou moun k'ap fè sa ki byen ni pou moun k'ap fè sa ki mal.
So that you may be the sons of your Father in heaven; for his sun gives light to the evil and to the good, and he sends rain on the upright man and on the sinner.
οπως γενησθε υιοι του πατρος υμων του εν ουρανοις οτι τον ηλιον αυτου ανατελλει επι πονηρους και αγαθους και βρεχει επι δικαιους και αδικους
- 46 Si nou plede renmen moun ki renmen nou ase, ki rekonpans nou merite pou sa? Eske pèsèptè kontribisyon yo pa fè sa tou?
For if you have love for those who have love for you, what credit is it to you? do not the tax-farmers the same?
εαν γαρ αγαπησητε τους αγαπωντας υμας τινα μισθον εχετε ουχι και οι τελωναι το αυτο ποιουσιν
- 47 Lèfini, si se frè nou ase nou di bonjou, se yon pakèt afè sa ye atò? Eske moun lòt nasyon yo pa fè sa tou?
And if you say, Good day, to your brothers only, what do you do more than others? do not even the Gentiles the same?
και εαν ασπασησθε τους αδελφους υμων μονον τι περισσον ποιειτε ουχι και οι τελωναι ουτως ποιουσιν
- 48 Non, nou fèt pou nou bon nèt, menm jan Bondye Papa nou ki nan syèl la bon nèt.
Be then complete in righteousness, even as your Father in heaven is complete.
εσεσθε ουν υμεις τελειοι οσπερ ο πατηρ υμων ο εν τοις ουρανοις τελειος εστιν
- 1 ¶ Fè atansyon lè n'ap fè devwa nou pou Bondye pou nou pa fè l' yon jan pou fè moun wè. Lè nou fè l' konsa, Papa nou ki nan syèl la p'ap ban nou okenn rekonpans.
Take care not to do your good works before men, to be seen by them; or you will have no reward from your Father in heaven.
προσεχετε την ελεημοσυνην υμων μη ποιειν εμπροσθεν των ανθρωπων προς το θεαθηναι αυτοις ει δε μηγε μισθον ουκ εχετε παρα το πατρι υμων τω εν τοις ουρανοις
- 2 Se sa ki fè tou, lè w'ap bay yon moun ki nan nesosite kichòy, ou pa bezwen fè tout moun wè sa, tankou ipokrit yo fè l' nan sinagòg ak nan lari. Yo fè sa pou moun ka fè lwanj yo. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn rekonpans yo.
When then you give money to the poor, do not make a noise about it, as the false-hearted men do in the Synagogues and in the streets, so that they may have glory from men. Truly, I say to you, They have their reward.
οταν ουν ποιης ελεημοσυνην μη σαλπισης εμπροσθεν σου οσπερ οι υποκριται ποιουσιν εν ταις συναγωγαις και εν ταις ρυμαις οπως δοξασθωσιν υπο των ανθρωπων αμην λεγω υμιν απεχουσιν τον μισθον αυτων
- 3 Men, lè w'ap ede moun ki nan nesosite, fè l' yon jan pou menm pi bon zanmi ou pa konn sa.
But when you give money, let not your left hand see what your right hand does:
σου δε ποιουντος ελεημοσυνην μη γνωτω η αριστερα σου τι ποιει η δεξια σου
- 4 Konsa, kado ou fè a rete yon sekrè. Papa ou menm ki wè sa ou fè an sekrè a va ba ou rekonpans ou.
So that your giving may be in secret; and your Father, who sees in secret, will give you your reward.
οπως η σου η ελεημοσυνη εν τω κρυπτω και ο πατηρ σου ο βλεπων εν τω κρυπτω αυτος αποδωσει σοι εν τω φανερω

- 5 ¶ Lè n'ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo ki renmen kanpe nan mitan sinagòg ak nan pwent kalfou pou yo lapriyè. Yo fè sa pou moun kapab wè yo. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn rekonpans yo.
And when you make your prayers, be not like the false-hearted men, who take pleasure in getting up and saying their prayers in the Synagogues and at the street turnings so that they may be seen by men. Truly I say to you, They have their reward.
 και οταν προσευχη ουκ εση ωσπερ οι υποκριται οτι φιλουσιν εν ταις συναγωγαις και εν ταις γωνιας των πλατειων εστωτες προσευχεσθαι οπως αν φανωσιν τοις ανθρωποις αμην λεγω υμιν οτι απεχουσιν τον μισθον αυτων
- 6 Men ou menm, lè w'ap lapriyè, antre nan chanm ou. Fèmen pòt ou. Lapriyè Papa ou ki la pou kont li avè ou. Konsa, Papa ou menm ki wè sa ou fè an sekre a, se li ki va ba ou rekonpans ou.
But when you make your prayer, go into your private room, and, shutting the door, say a prayer to your Father in secret, and your Father, who sees in secret, will give you your reward.
 συ δε οταν προσευχη εισελθε εις το ταμειον σου και κλεισας την θυραν σου προσευξαι τω πατρι σου τω εν τω κρυπτω και ο πατηρ σου ο βλέπων εν τω κρυπτω αποδοσει σοι εν τω φανερω
- 7 Lè w'ap lapriyè, pa plede repete yon bann pawòl pou gremesi. Se konsa moun lòt nasyon yo fè. Yo mete nan tèt yo Bondye va tande yo si yo pale anpil.
And in your prayer do not make use of the same words again and again, as the Gentiles do: for they have the idea that God will give attention to them because of the number of their words.
 προσευχομενοι δε μη βαττολογησητε ωσπερ οι εθνικοι δοκουσιν γαρ οτι εν τη πολυλογία αυτων εισακουσθησονται
- 8 Piga nou fè tankou moun sa yo. Paske, Papa nou konnen sa nou bezwen anvan menm nou mande li.
So be not like them; because your Father has knowledge of your needs even before you make your requests to him.
 μη ουν ομοιωθητε αυτοις οιδεν γαρ ο πατηρ υμων ον χρειαں εχετε προ του υμας αιτησαι αυτον
- 9 ¶ Men ki jan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou.
Let this then be your prayer: Our Father in heaven, may your name be kept holy.
 ουτως ουν προσευχεσθε υμεις πατερ ημων ο εν τοις ουρανοις αγιασθητω το ονομα σου
- 10 vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la.
Let your kingdom come. Let your pleasure be done, as in heaven, so on earth.
 ελθετω η βασιλεια σου γενηθητω το θελημα σου ως εν ουρανω και επι της γης
- 11 Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a.
Give us this day bread for our needs.
 τον αρτον ημων τον επιουσιον δος ημιν σημερον
- 12 Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal.
And make us free of our debts, as we have made those free who are in debt to us.
 και αφες ημιν τα οφειληματα ημων ως και ημεις αφιεμεν τοις οφειλεταις ημων
- 13 Pa kite nou nan pozisyon pou n' tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn
And let us not be put to the test, but keep us safe from the Evil One.
 και μη εισενεγκης ημας εις πειρασμον αλλα ρυσαι ημας απο του πονηρου οτι σου εστιν η βασιλεια και η δυναμις και η δοξα εις τους αιωνας αμην
- 14 Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou.
For if you let men have forgiveness for their sins, you will have forgiveness from your Father in heaven.
 εαν γαρ αφητε τοις ανθρωποις τα παραπτωματα αυτων αφησει και υμιν ο πατηρ υμων ο ουρανιος
- 15 Men, si nou pa padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou p'ap padonnen peche nou yo non plis.
But if you do not let men have forgiveness for their sins, you will not have forgiveness from your Father for your sins.
 εαν δε μη αφητε τοις ανθρωποις τα παραπτωματα αυτων ουδε ο πατηρ υμων αφησει τα παραπτωματα υμων
- 16 ¶ Lè n'ap fè jèn, pa pran pòz kagou nou tankou ipokrit yo: Y'ap mache ak figi yo rale konsa pou tout moun ka wè y'ap fè jèn. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Konsa, yo tou jwenn rekonpans yo.
And when you go without food, be not sad-faced as the false-hearted are. For they go about with changed looks, so that men may see that they are going without food. Truly I say to you, They have their reward.
 οταν δε νηστευητε μη γινεσθε ωσπερ οι υποκριται σκυθρωποι αφανιζουσιν γαρ τα προσωπα αυτων οπως φανωσιν τοις ανθρωποις νηστευοντες αμην λεγω υμιν οτι απεχουσιν τον μισθον αυτων
- 17 Men ou menm, lè w'ap fè jèn, penyen tèt ou byen penyen, lave figi ou byen lave.
But when you go without food, put oil on your head and make your face clean;
 συ δε νηστευων αλειψαι σου την κεφαλην και το προσωπον σου νιψαι

- 18 **Konsa, moun p'ap wè si w'ap fè jèn. Papa ou ki la pou kont li avè ou, se li ase ki konn sa. Konsa, Papa ou menm ki wè sa ou fè an sekre a, se li ki va ba ou rekonpans ou.**
So that no one may see that you are going without food, but your Father in secret; and your Father, who sees in secret, will give you your reward.
οπως μη φανης τοις ανθρωποις νηστευων αλλα τω πατρι σου τω εν τω κρυπτω και ο πατηρ σου ο βλεπων εν τω κρυπτω αποδωσει σοι εν τω φανερω
- 19 **¶ Pa anpile richès nou isit sou latè, kote vè ak lawouj ap manje yo, kote vòlè kapab vòlè yo pote ale.**
Make no store of wealth for yourselves on earth, where it may be turned to dust by worms and weather, and where thieves may come in by force and take it away.
μη θησαυριζετε υμιν θησαυρους επι της γης οπου σης και βρωσις αφανιζει και οπου κλεπται διορυσσουσιν και κλεπτουσιν
- 20 **Okontrè, anpile richès nou nan syèl la. Paske la pa gen vè ni lawouj ki pou manje yo, ni vòlè ki pou pran yo pote ale.**
But make a store for yourselves in heaven, where it will not be turned to dust and where thieves do not come in to take it away:
θησαυριζετε δε υμιν θησαυρους εν ουρανω οπου ουτε σης ουτε βρωσις αφανιζει και οπου κλεπται ου διορυσσουσιν ουδε κλεπτουσιν
- 21 **Paske, kote richès ou ye, se la kè ou ye tou.**
For where your wealth is, there will your heart be.
οπου γαρ εστιν ο θησαυρος υμων εκει εσται και η καρδια υμων
- 22 **Je ou se tankou yon lanp li ye pou kò ou. Si je ou an bon eta, tout kò ou va nan limyè.**
The light of the body is the eye; if then your eye is true, all your body will be full of light.
ο λυχνος του σωματος εστιν ο οφθαλμος εαν ουν ο οφθαλμος σου απλους η ολον το σωμα σου φωτεινον εσται
- 23 **Men, si je ou an move eta, tout kò ou va nan fènwa. Se sa ki fè, si limyè ki anndan ou la se fènwa li ye, se pa ti fè nwa anndan ou fè nwa.**
But if your eye is evil, all your body will be dark. If then the light which is in you is dark, how dark it will be!
εαν δε ο οφθαλμος σου πονηρος η ολον το σωμα σου σκοτεινον εσται ει ουν το φως το εν σοι σκοτος εστιν το σκοτος ποσον
- 24 **Pesonn pa ka sèvi byen ak de mèt an menm tan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi byen ak yonn, men l'ap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan an menm tan.**
No man is able to be a servant to two masters: for he will have hate for the one and love for the other, or he will keep to one and have no respect for the other. You may not be servants of God and of wealth.
ουδεις δυναται δυσι κυριοις δουλευειν η γαρ τον ενα μισησει και τον ετερον αγαπησει η ενος ανθεξεται και του ετερου καταφρονησει ου δυνασθε θεω δουλευειν και μαμμωνα
- 25 **¶ Se poutèt sa, mwen di nou: Pa bat kò nou pou sa nou bezwen pou manje ak bwè pou viv, ni pou rad nou bezwen pou mete sou kò nou. Eske lavi a pa pi konsekan pase manje? Eske kò a pa gen plis valè pase rad?**
So I say to you, Take no thought for your life, about food or drink, or about clothing for your body. Is not life more than food, and the body more than its clothing?
δια τουτο λεγω υμιν μη μεριμνατε τη ψυχη υμων τι φαγητε και τι πιητε μηδε τω σωματι υμων τι ενδυσησθε ουχι η ψυχη πλεον εστιν της τροφης και το σωμα του ενδυματος
- 26 **Gade zwazo k'ap vole nan syèl la: yo pa plante, yo pa fè rekòt, yo pa sere anyen nan galata. Men, Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Eske nou pa vo pi plis pase zwazo yo?**
See the birds of heaven; they do not put seeds in the earth, they do not get in grain, or put it in store-houses; and your Father in heaven gives them food. Are you not of much more value than they?
εμβλεψατε εις τα πετεινα του ουρανου οτι ου σπειρουσιν ουδε θεριζουσιν ουδε συναγουσιν εις αποθηκας και ο πατηρ υμων ο ουρανιος τρεφει αυτα ουχ υμεις μαλλον διαφερετε αυτων
- 27 **Kilès nan nou, afòs li fè tèt li travay, kapab mete kèk lanne an plis sou lavi l'?**
And which of you by taking thought is able to make himself a cubit taller?
τις δε εξ υμων μεριμνων δυναται προσθειναι επι την ηλικιαν αυτου πηχον ενα
- 28 **Poukisa pou n'ap bat kò nou pou rad pou nou mete sou nou? Gade ki jan flè rajè yo pouse nan savann. Yo pa travay, yo pa fè rad.**
And why are you troubled about clothing? See the flowers of the field, how they come up; they do no work, they make no thread:
και περι ενδυματος τι μεριμνατε καταμαθετε τα κρινα του αγρου πως αυξανει ου κοπια ουδε νηθει
- 29 **Malgre sa, m'ap di nou sa, wa Salomon ki wa Salomon, ak tout richès li yo, pa t' gen bèl rad tankou yonn nan flè sa yo.**
But I say to you that even Solomon in all his glory was not clothed like one of these.
λεγω δε υμιν οτι ουδε σολομων εν παση τη δοξη αυτου περιεβαλετο ως εν τουτων
- 30 **Se konsa Bondye abiye pye zèb yo ki la nan jaden an jòdi a, men denmen yo jete sa nan dife pou chofe fou. Nou pa bezwen mande si li p'ap abiye nou tou. Ala manke nou manke konfyans nan Bondye!**
But if God gives such clothing to the grass of the field, which is here today and tomorrow is put into the oven, will he not much more give you clothing, O you of little faith?
ει δε τον χορτον του αγρου σημερον οντα και αυριον εις κλιβανον βαλλομενον ο θεος ουτως αμφιεννυσιν ου πολλω μαλλον υμας ολιγοπιστοι

- 31 Pa chaje tèt nou ak yon bann keksyon: Kisa n' pral manje? Kisa n' pral bwè? Kisa n' pral mete sou nou?
Then do not be full of care, saying, What are we to have for food or drink? or, With what may we be clothed?
μη ουν μεριμνησητε λεγοντες τι φαγωμεν η τι πιωμεν η τι περιβαλωμεθα
- 32 Tout bagay sa yo, se moun lòt nasyon yo k'ap kouri dèyè yo tout tan. Men nou menm, nou gen yon Papa nan syèl la ki konnen nou bezwen tout bagay sa yo.
Because the Gentiles go in search of all these things: for your Father in heaven has knowledge that you have need of all these things:
παντα γαρ ταυτα τα εθνη επιζητει οιδεν γαρ ο πατηρ υμων ο ουραnios οτι χρηζετε τουτων απαντων
- 33 Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan. Lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou.
But let your first care be for his kingdom and his righteousness; and all these other things will be given to you in addition.
ζητειτε δε πρωτον την βασιλειαν του θεου και την δικαιοσυνην αυτου και ταυτα παντα προστεθησεται υμιν
- 34 Se sa ki fè, pa chaje tèt nou pou denmen, paske denmen va gen zafè pa li. Chak jou gen kont chay pa yo.
Then have no care for tomorrow: tomorrow will take care of itself. Take the trouble of the day as it comes.
μη ουν μεριμνησητε εις την αυριον η γαρ αυριον μεριμνησει τα εαυτης αρκετον τη ημερα η κακια αυτης
- 1 ¶ Pa jije moun pou Bondye pa jije nou,
Be not judges of others, and you will not be judged.
μη κρινετε ινα μη κριθητε
- 2 paske Bondye va jije nou menm jan nou jije lòt yo. Mezi nou sèvi pou mezire lòt yo, se li menm menm Bondye va sèvi pou mezire nou tou.
For as you have been judging, so you will be judged, and with your measure will it be measured to you.
εν ω γαρ κριματι κρινετε κριθησεσθε και εν ω μετρω μετρειτε αντιμετρηθησεται υμιν
- 3 Poukisa pou w'ap gade ti pay ki nan je frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa ki nan je pa ou la?
And why do you take note of the grain of dust in your brother's eye, but take no note of the bit of wood which is in your eye?
τι δε βλεπεις το καρφος το εν τω οφθαλμω του αδελφου σου την δε εν τω σω οφθαλμω δοκον ου κατανοεις
- 4 Ou menm ki gen yon gwo bout bwa nan je ou la, kouman ou ka di frè ou: Kite m' wete ti pay ki nan je ou la?
Or how will you say to your brother, Let me take out the grain of dust from your eye, when you yourself have a bit of wood in your eye?
η πως ερεις τω αδελφω σου αφες εκβαλω το καρφος απο του οφθαλμου σου και ιδου η δοκος εν τω οφθαλμω σου
- 5 Ipokrit! Wete gwo bout bwa a ki nan je pa ou la anvan. Apre sa, wa wè klè pou ou ka wete ti pay ki nan je frè ou la.
You false one, first take out the bit of wood from your eye, then will you see clearly to take out the grain of dust from your brother's eye.
υποκριτα εκβαλε πρωτον την δοκον εκ του οφθαλμου σου και τοτε διαβλεψεις εκβαλαιν το καρφος εκ του οφθαλμου του αδελφου σου
- 6 Piga nou bay chen bagay yo mete apa pou Bondye. Piga nou jete bèl grenn pèl nou yo devan kochon. Si nou fè sa, kochon yo va mache sou yo, epi y'a vire sou nou vin dechire nou.
Do not give that which is holy to the dogs, or put your jewels before pigs, for fear that they will be crushed under foot by the pigs whose attack will then be made against you.
μη δωτε το αγιον τοις κυσιν μηδε βαλητε τους μαργαριτας υμων εμπροσθεν των χοιρων μηποτε καταπατησωσιν αυτους εν τοις ποσιν αυτων και στραφεντες ρηξωσιν υμας
- 7 ¶ Mande, y'a ban nou. Chache, n'a jwenn. Frape, y'a louvri pou nou.
Make a request, and it will be answered; what you are searching for you will get; give the sign, and the door will be open to you:
αιταιτε και δοθησεται υμιν ζητειτε και ευρησετε κρουετε και ανοιγησεται υμιν
- 8 Paske, nenpòt moun ki mande va resewa. Moun ki chache va jwenn. y'a louvri pou moun ki frape.
Because to everyone who makes a request, it will be given; and he who is searching will get his desire, and to him who gives the sign, the door will be open.
πας γαρ ο αιτων λαμβανει και ο ζητων ευρισκει και τω κρουοντι ανοιγησεται
- 9 Eske gen yonn nan nou ki va bay pitit li yon wòch si li mande l' yon pen?
Or which of you, if his son makes a request for bread, will give him a stone?
η τις εστιν εξ υμων ανθρωπος ον εαν αιτησι ο υιος αυτου αρτον μη λιθον επιδωσει αυτω
- 10 Eske la ba li yon koulèv si pitit li mande l' yon pwason?
Or if he makes a request for a fish, will give him a snake?
και εαν ιχθον αιτησι μη οφιν επιδωσει αυτω

- 11 Si nou menm ki mechan jan nou mechan an, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande si Papa nou ki nan syèl la p'ap ban nou bon bagay lè nou mande li.
If you, then, being evil, are able to give good things to your children, how much more will your Father in heaven give good things to those who make requests to him?
ει ουν υμεις πονηροι οντες οιδατε δοματα αγαθα διδοναι τοις τεκνοις υμων ποσω μαλλον ο πατηρ υμων ο εν τοις ουρανοις δωσει αγαθα τοις αιτουσιν αυτον
- 12 ¶ Tou sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l' pou yo. Se sa lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo mande nou fè.
All those things, then, which you would have men do to you, even so do you to them: because this is the law and the prophets.
παντα ουν οσα αν θελητε ινα ποιωσιν υμιν οι ανθρωποι ουτως και υμεις ποιειτε αυτοις ουτος γαρ εστιν ο νομος και οι προφηται
- 13 Antre nan pòt jis la. Paske, pòt ki laj la, chemen ki fasil la ap mennen nou tou dwat nan lanmò. Gen anpil moun ki pase ladan li.
Go in by the narrow door; for wide is the door and open is the way which goes to destruction, and great numbers go in by it.
εισελθετε δια της στενης πυλης οτι πλατεια η πυλη και ευρυχωρος η οδος η απαγουσα εις την απωλειαν και πολλοι εισιν οι εισερχομενοι δι αυτης
- 14 Men, pòt ki jis la, chemen ki difisil la ap mennen nou tou dwat nan lavi. Pa gen anpil moun ki jwenn li.
For narrow is the door and hard the road to life, and only a small number make discovery of it.
οτι στενη η πυλη και τεθλιμμενη η οδος η απαγουσα εις την ζωην και ολιγοι εισιν οι ευρισκοντες αυτην
- 15 ¶ Pran prekosyon nou ak fo pwofèt yo. Yo pran pòz ti mouton yo lè y'ap vin sou nou, men nan fon kè yo, se bèt devoran yo ye.
Be on the watch for false prophets, who come to you in sheep's clothing, but inside they are cruel wolves.
προσεχετε δε απο των ψευδοπροφητων οιτινες ερχονται προς υμας εν ενδυμασιν προβατων εσθθεν δε εισιν λυκοι αρπαγες
- 16 n'a rekonèt yo sou sa y'ap fè. Yo pa keyi rezen sou pye pikan. Ni yo pa keyi fig frans sou pye rakèt.
By their fruits you will get knowledge of them. Do men get grapes from thorns or figs from thistles?
απο των καρπων αυτων επιγνωσεσθε αυτους μητι συλλεγουσιν απο ακανθων σταφυλην η απο τριβολων συκα
- 17 Yon bon pyebwa bay bon donn. Men, yon move pyebwa bay move donn.
Even so, every good tree gives good fruit; but the bad tree gives evil fruit.
ουτως παν δενδρον αγαθον καρπους καλους ποιει το δε σαπρον δενδρον καρπους πονηρους ποιει
- 18 Yon bon pyebwa pa ka bay move donn. Nitou yon move pyebwa pa ka bay bon donn.
It is not possible for a good tree to give bad fruit, and a bad tree will not give good fruit.
ου δυναται δενδρον αγαθον καρπους πονηρους ποιειν ουδε δενδρον σαπρον καρπους καλους ποιειν
- 19 Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral koupe sa jete nan dife.
Every tree which does not give good fruit is cut down and put in the fire.
παν δενδρον μη ποιουν καρπον καλον εκκοπτεται και εις πυρ βαλλεται
- 20 Konsa tou, n'a rekonèt fo pwofèt yo sou sa y'ap fè.
So by their fruits you will get knowledge of them.
αραγε απο των καρπων αυτων επιγνωσεσθε αυτους
- 21 ¶ Se pa tout moun k'ap plede di m': Mèt, Mèt, ki pral antre nan peyi Wa ki nan syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la.
Not everyone who says to me, Lord, Lord, will go into the kingdom of heaven; but he who does the pleasure of my Father in heaven.
ου πας ο λεγων μοι κυριε κυριε εισελευσεται εις την βασιλειαν των ουρανων αλλ ο ποιων το θελημα του πατρος μου του εν ουρανοις
- 22 Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m': Mèt, Mèt, se sou non ou nou t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak.
A great number will say to me on that day, Lord, Lord, were we not prophets in your name, and did we not by your name send out evil spirits, and by your name do works of power?
πολλοι εροουσιν μοι εν εκεινη τη ημερα κυριε κυριε ου τω σω ονοματι προεφητευσσαμεν και τω σω ονοματι δαιμονια εξεβαλομεν και τω σω ονοματι δυναμεις πολλας εποιησαμεν
- 23 Lè sa a, m'a di yo: Mwen pa t' janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k'ap fè sa ki mal.
And then will I say to them, I never had knowledge of you: go from me, you workers of evil.
και τοτε ομολογησω αυτοις οτι ουδεποτε εγνων υμας αποχωρειτε απ εμου οι εργαζομενοι την ανομιαν
- 24 Konsa, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou yon moun lespri ki bati kay li sou wòch.
Everyone, then, to whom my words come and who does them, will be like a wise man who made his house on a rock;
πας ουν οστις ακουει μου τους λογους τουτους και ποιει αυτους ομοιωσω αυτον ανδρι φρονιμου οστις οικοδομησεν την οικιαν αυτου επι την πετραν

- 25 Lapli tonbe, dlo desann, gwo van souffle sou kay la ak tout fòs. Kay la pa tonbe, paske yo te moute fondasyon kay la sou wòch.
And the rain came down and there was a rush of waters and the winds were driving against that house, but it was not moved; because it was based on the rock.
και κατεβη η βροχη και ηλθον οι ποταμοι και επνευσαν οι ανεμοι και προσεπεσον τη οικια εκεινη και ουκ επεσεν τεθεμελιωτο γαρ επι την πετραν
- 26 Men, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki pa fè sa mwen mande li fè a, l'ap tankou yon moun fou ki bati kay li sou sab.
And everyone to whom my words come and who does them not, will be like a foolish man who made his house on sand;
και πας ο ακουων μου τους λογους τουτους και μη ποιων αυτους ομοιωθησεται ανδρι μωρω οστις οικοδομησεν την οικιαν αυτου επι την αμμον
- 27 Lapli tonbe, dlo desann, gwo van souffle sou kay la ak tout fòs: kay la tonbe, li fini nèt ale.
And the rain came down and there was a rush of waters and the winds were driving against that house; and it came down and great was its fall.
και κατεβη η βροχη και ηλθον οι ποταμοι και επνευσαν οι ανεμοι και προσεκοψαν τη οικια εκεινη και επεσεν και ην η πτωσις αυτης μεγαλη
- 28 Lè Jezi fin di pawòl sa yo, foul moun yo te sezi tande sa l' t'ap moutre yo.
And it came about, when Jesus had come to the end of these words, that the people were surprised at his teaching,
και εγενετο οτε συνετελεσεν ο ιησους τους λογους τουτους εξεπλησσοντο οι οχλοι επι τη διδαχη αυτου
- 29 Se pa t' menm jan ak dirèktè lalwa yo, paske li te pale ak yo tankou yon moun ki otorize.
for he was teaching as one having authority, and not as their scribes.
ην γαρ διδασκων αυτους ως εξουσιαν εχων και ουχ ως οι γραμματεις
- 1 ¶ Apre sa, Jezi desann sot sou ti mòn lan, yon gwo foul moun t'ap mache dèyè li.
And when he had come down from the mountain, great numbers of people came after him.
καταβαντι δε αυτω απο του ορους ηκολουθησαν αυτω οχλοι πολλοι
- 2 Lè sa a, yon nonm ki te gen lalèp pwoche bò kote l', li tonbe ajenou devan Jezi, li di l' konsa: Mèt, si ou vle, ou kapab geri mwen.
And a leper came and gave him worship, saying, Lord, if it is your pleasure, you have power to make me clean.
και ιδου λεπρος ελθων προσεκυει αυτω λεγων κυριε εαν θελης δυνασαι με καθαρισαι
- 3 Jezi lonje men l', li manyen nonm lan, li di l': Wi, mwen vle. Se pou ou geri. Menm lè a, lalèp la kite li.
And he put his hand on him, saying, It is my pleasure; be clean. And straight away he was made clean.
και εκτεινας την χειρα ηγατο αυτου ο ιησους λεγων θελω καθαρισθητι και ευθεως εκαθαρισθη αυτου η λεπρα
- 4 Apre sa, Jezi di l': Piga ou di pesonn sa. Men, ale fè prèt yo wè ki jan ou ye. Apre sa, wa ofri sa Moyiz te bay lòd ofri a. Konsa, wa bay tout moun prèv ou geri.
And Jesus said to him, See that you say nothing about this to anyone; but go and let the priest see you and make the offering which was ordered by Moses, for a witness to them.
και λεγει αυτω ο ιησους ορα μηδενι ειπης αλλ υπαγε σεαυτον δειξον τω ιερει και προσενεγκε το δωρον ο προσεταξεν μοσης εις μαρτυριον αυτοις
- 5 ¶ Antan Jezi t'ap antre lavil Kapènawòm, yon kaptenn lame women an vin bò kote li. Li mande l' yon sèvis. Li di l' konsa:
And when Jesus was come into Capernaum, a certain captain came to him with a request,
εισελθοντι δε τω ιησου εις καπερναουμ προσηλθεν αυτω εκατονταρχος παρακαλων αυτον
- 6 Mèt, domestik mwen an kouche lakay, li paralize nèt, l'ap soufri anpil.
Saying, Lord, my servant is ill in bed at the house, with no power in his body, and in great pain.
και λεγων κυριε ο παις μου βεβληται εν τη οικια παραλυτικος δεινωσ βασανιζομενος
- 7 Jezi di l' konsa: Mwen pral geri l' pou ou.
And he said to him, I will come and make him well.
και λεγει αυτω ο ιησους εγω ελθω θεραπευσω αυτον
- 8 Men kaptenn lan reponn li: Mèt, mwen pa merite pou ou antre lakay mwen. Men, annik bay yon lòd ase, domestik mwen an va geri.
And the captain in answer said, Lord, I am not good enough for you to come under my roof; but only say the word, and my servant will be made well.
και αποκριθεις ο εκατονταρχος εφη κυριε ουκ ειμι ικανος ινα μου υπο την στεγην εισελθης αλλα μονον ειπε λογον και ιαθησεται ο παις μου
- 9 Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen sou zòd chèf, mwen gen sòlda sou zòd mwen tou. Lè m' di yonn ale, li ale. Lè m' di yon lòt vini, li vini. Lè m' di domestik mwen an fè sa, li fè li.
Because I myself am a man under authority, having under me fighting men; and I say to this one, Go, and he goes; and to another, Come, and he comes; and to my servant, Do this, and he does it.
και γαρ εγω ανθρωπος ειμι υπο εξουσιαν εχων υπ εμαυτον στρατιωτας και λεγω τουτω πορευθητι και πορευεται και αλλω ερχου και ερχεται και τω δουλω μου ποιησον τουτο και ποιει

- 10 Lè Jezi tande pawòl sa yo, li sezi. Li di moun ki t'ap mache dèyè li yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: mwen poko janm jwenn yon moun nan pèp Izrayèl la ki gen konfyans nan Bondye tankou nonm sa a.
 And when these words came to the ears of Jesus he was surprised, and said to those who came after him, Truly I say to you, I have not seen such great faith, no, not in Israel.
 ακουσας δε ο ιησους εθαυμασεν και ειπεν τοις ακολουθουσιν αμην λεγω υμιν ουδε εν τω ισραηλ τοσαυτην πιστιν ευρον
- 11 Mwen p'ap kache di nou sa: anpil moun va sot nan peyi solèy leve ak nan peyi solèy kouche, y'a vin chita sou tab ansanm ak Abraram, ak Izarak, ak Jakòb nan Peyi Wa ki nan syèl la.
 And I say to you that numbers will come from the east and the west, and will take their seats with Abraham and Isaac and Jacob, in the kingdom of heaven:
 λεγω δε υμιν οτι πολλοι απο ανατολων και δυσιμων ηξουσιν και ανακληθησονται μετα αβρααμ και ισαακ και ιακωβ εν τη βασιλεια των ουρανων
- 12 Men, moun ki pou ta antre nan Peyi Wa a, y'ap voye yo jete deyò nan fènwa. Se la va gen rèl, se la moun va manje dan yo.
 But the sons of the kingdom will be put out into the dark, and there will be weeping and cries of pain.
 οι δε υιοι της βασιλειας εκβληθησονται εις το σκοτος το εξωτερικον εκει εσται ο κλαυθμος και ο βρυγμος των οδοντων
- 13 Apre sa, Jezi di kaptenn lan: Ale lakay ou. Tout bagay ap pase pou ou jan ou kwè l' la. Menm lè a, domestik la te geri.
 And Jesus said to the captain, Go in peace; as your faith is, so let it be done to you. And the servant was made well in that hour.
 και ειπεν ο ιησους τω εκατονταρχω υπαγε και ως επιστευσας γενηθητω σοι και ιαθη ο παις αυτου εν τη ωρα εκεινη
- 14 ¶ Apre sa, Jezi ale lakay Pyè. Li jwenn bèlmè Pyè a kouche ak lafyèn.
 And when Jesus had come into Peter's house, he saw his wife's mother in bed, very ill.
 και ελθων ο ιησους εις την οικιαν πετρου ειδεν την πενθεραν αυτου βεβλημενην και πυρεσσοσαν
- 15 Jezi manyen men madanm lan, lamenm lafyèn la kite li. Madanm lan leve, li resevwa li.
 And he put his hand on hers and the disease went from her, and she got up and took care of his needs.
 και ηψατο της χειρος αυτης και αφηκεν αυτην ο πυρετος και ηγερθη και διηκονει αυτοις
- 16 Lè solèy fin kouche, yo mennen anpil moun ki te gen move lespri sou yo bay Jezi. Li annik pale ak move lespri yo, li chase yo. Li te geri tout moun malad yo tou.
 And in the evening, they took to him a number of people who had evil spirits; and he sent the spirits out of them with a word, and made well all who were ill;
 οψιας δε γενομενης προσηνεγκαν αυτω δαιμονιζομενους πολλους και εξεβαλεν τα πνευματα λογω και παντας τους κακως εχοντας εθεραπευσεν
- 17 Se konsa pawòl pwofèt Ezayi te di a rive vre: Li pran enfimite nou yo sou li. Li pote maladi nou yo sou do li.
 So that the word of Isaiah the prophet might come true: He himself took our pains and our diseases.
 οπως πληρωθη το ρηθεν δια ησαιου του προφητου λεγοντος αυτος τας ασθeneias ημων ελαβεν και τας νοσους εβαστασεν
- 18 ¶ Jezi wè li te nan mitan yon gwo foul moun. Li bay lòd pou yo janbe lòt bò lanmè a.
 Now when Jesus saw a great mass of people about him, he gave an order to go to the other side.
 ιδων δε ο ιησους πολλους οχλους περι αυτον εκελευσεν απελθειν εις το περαν
- 19 Men, yon dirèktè lalwa pwoche bò kote l', li di l' konsa: Mèt, m'ap swiv ou tout kote ou prale.
 And there came a scribe and said to him, Master, I will come after you wherever you go.
 και προσελθων εις γραμματευσ ειπεν αυτω διδασκαλε ακολουθησω σοι οπου εαν απερχη
- 20 Jezi reponn li: Chat mawon gen twou yo. Zwezo k'ap vole nan syèl la gen nich yo. Men, Moun Bondye voye nan lachè a pa gen kote pou l' poze tèt li.
 And Jesus said to him, The foxes have holes, and the birds of heaven have a resting-place; but the Son of man has nowhere to put his head.
 και λεγει αυτω ο ιησους αι αλωπεκες φωλεους εχουσιν και τα πετεινα του ουρανου κατασκηνωσει ο δε υιος του ανθρωπου ουκ εχει που την κεφαλην κλινη
- 21 Yon lòt nan disip yo di li: Mèt, pèmèt mwen al antere papa m' anvan.
 And another of the disciples said to him, Lord, let me first go and give the last honours to my father.
 ετερος δε των μαθητων αυτου ειπεν αυτω κυριε επιτρεψον μοι πρωτον απελθειν και θαψαι τον πατερα μου
- 22 Men Jezi di li: Swiv mwen. Kite moun mouri antere moun mouri yo.
 But Jesus said to him, Come after me; and let the dead take care of their dead.
 ο δε ιησους ειπεν αυτω ακολουθει μοι και αφες τους νεκρους θαψαι τους εαυτων νεκρους
- 23 ¶ Jezi moute nan kannòt la, disip li yo pati avèk li.
 And when he had got into a boat, his disciples went after him.
 και εμβαντι αυτω εις το πλοιον ηκολουθησαν αυτω οι μαθηται αυτου

- 24 Antan yo sou lanmè a, yo rete konsa yon gwo van vin leve. Lanm lanmè yo t'ap kouvri kannòt la. Jezi menm t'ap dòmi lè sa a.
And there came up a great storm in the sea, so that the boat was covered with the waves: but he was sleeping.
και ιδου σεισμος μεγας εγενετο εν τη θαλασση ωστε το πλοιον καλυπτεσθαι υπο των κυματων αυτος δε εκαθευδεν
- 25 Disip yo pwoche bò kote li. Yo souke l', yo fè l' leve. Yo di l' konsa: Mèt, sove nou non. Se mouri n'ap mouri.
And they came to him, and, awaking him, said, Help, Lord; destruction is near.
και προσελθοντες οι μαθηται αυτου ηγειραν αυτον λεγοντες κυριε σωσον ημας απολλυμεθα
- 26 Jezi di yo: Poukisa nou pè konsa? Ala moun manke konfyans! Apre sa, Jezi leve kanpe, li pale byen fò ak van an ansanm ak dlo a. Lamenn yon gwo kalmi fèt.
And he said to them, Why are you full of fear, O you of little faith? Then he got up and gave orders to the winds and the sea; and there was a great calm.
και λεγει αυτοις τι δειλοι εστε ολιγοπιστοι τοτε εγερθεις επετιμησεν τοις ανεμοις και τη θαλασση και εγενετο γαληνη μεγαλη
- 27 Mesye yo te sezi anpil. Yo di konsa: Ki kalite moun sa a menm, pou jouk van ak dlo lanmè obeyi li?
And the men were full of wonder, saying, What sort of man is this, that even the winds and the sea do his orders?
οι δε ανθρωποι εθαυμασαν λεγοντες ποταπος εστιν ουτος οτι και οι ανεμοι και η θαλασσα υπακουουσιν αυτω
- 28 ¶ Lè Jezi rive lòt bò lanmè a, nan peyi Gadarenen yo, de moun soti nan mitan tonm mò yo, yo vin devan li. Mesye sa yo te gen move lespri sou yo. Yo te sitèlman move pesonn pa t' kapab pase nan chemen sa a.
And when he had come to the other side, to the country of the Gadarenes, there came out to him from the place of the dead, two who had evil spirits, so violent that no man was able to go that way.
και ελθοντι αυτω εις το περαν εις την χωραν των γεργεσηνων υπηνησαν αυτω δυο δαιμονιζομενοι εκ των μνημειων εξερχομενοι χαλεποι λιαν ωστε μη ισχυειν τινα παρελθειν δια της οδου εκεινης
- 29 Yo tou de pran rele ansanm: Ey, Pitit Bondye a. Kisa nou gen avè ou? Eske ou vin isit la pou fè n' soufri anvan lè nou?
And they gave a loud cry, saying, What have we to do with you, you Son of God? Have you come here to give us punishment before the time?
και ιδου εκραζαν λεγοντες τι ημιν και σοι ιησου υιε του θεου ηλθες ωδε προ καιρου βασανισαι ημας
- 30 Toupre kote yo te ye a, te gen yon bann kochon ki t'ap chache manje pou yo manje.
Now there was, some distance away, a great herd of pigs taking their food.
ην δε μακραν απ αυτων αγελη χοιρων πολλων βοσκομενη
- 31 Move lespri yo mande Jezi: Tanpri, si ou vle chase nou, voye nou sou bann kochon sa yo.
And the evil spirits made strong prayers to him, saying, If you send us out, let us go into the herd of pigs.
οι δε δαιμονες παρεκαλουν αυτον λεγοντες ει εκβαλλεις ημας επιτρεψον ημιν απελθειν εις την αγελην των χοιρων
- 32 Jezi di yo: Ale non. Move lespri yo soti sou de mesye yo, yo antre nan kochon yo. Menm lè a, tout bann kochon yo pran degrengole desann falèz la, y al neye tèt yo nan lanmè.
And he said to them, Go. And they came out, and went into the pigs; and the herd went rushing down a sharp slope into the sea and came to their end in the water.
και ειπεν αυτοις υπαγετε οι δε εξελθοντες απηλθον εις την αγελην των χοιρων και ιδου ωρμησεν πασα η αγελη των χοιρων κατα του κρημνου εις την θαλασσαν και απεθανον εν τοις υδασι
- 33 Moun ki t'ap gade kochon yo pran kouri. Y ale lavil la, yo rakonte tou sa ki te pase ansanm ak sa ki te rive de mesye yo ki te gen move lespri sou yo.
And their keepers went in flight to the town and gave an account of everything, and of the men who had the evil spirits.
οι δε βοσκοντες εφυγον και απελθοντες εις την πολιν απηγγειλαν παντα και τα των δαιμονιζομενων
- 34 Lè sa a, tout moun lavil la soti vin jwenn Jezi. Lè yo wè l', yo mande li: Tanpri souple, ale fè wout ou.
And all the town came out to Jesus; and seeing him they made request that he would go away from their part of the country.
και ιδου πασα η πολις εξηλθεν εις συναντησιν τω ιησου και ιδοντες αυτον παρεκαλεσαν οπως μεταβη απο των οριων αυτων
- 1 ¶ Jezi moute nan kannòt la, li tounen lòt bò lanmè a ankò, nan lavil kote l' te ye a.
And he got into a boat and went across and came to his town.
και εμβας εις το πλοιον διεπερασεν και ηλθεν εις την ιδιαν πολιν
- 2 Se konsa, yo pote ba li yon nonm paralize kouche sou yon kabann. Jezi wè jan moun yo te gen konfyans nan li, li di nonm paralize a: Pran kouraj, pitit mwen, peche ou yo padonnen.
And they took to him a man stretched on a bed who had no power of moving; and Jesus, seeing their faith, said to the man who was ill, Son, take heart; you have forgiveness for your sins.
και ιδου προσεφερον αυτω παραλυτικον επι κλινης βεβλημενον και ιδων ο ιησους την πιστιν αυτων ειπεν τω παραλυτικο θαρσει τεκνον αφεωνται σοι αι αμαρτια σου
- 3 Lè sa a, kèk dirèktè lalwa di nan kè yo: Nonm sa a ap pale mal sou Bondye.
And some of the scribes said among themselves, This man has no respect for God.
και ιδου τινες των γραμματεων ειπον εν εαυτοις ουτος βλασφημει

- 4 Men, Jezi te gen tan konnen sa ki t'ap pase nan tèt yo. Li di yo: Poukisa n'ap fè move lide konsa nan tèt nou?
And Jesus, having knowledge of what was in their minds, said, Why are your thoughts evil?
και ιδων ο ιησους τας ενθυμησεις αυτων ειπεν ινα τι υμεις ενθυμεισθε πονηρα εν ταις καρδιαις υμων
- 5 Kisa ki pi fasil pou m' di: Peche ou yo padonnen, osinon: Leve mache?
For which is the simpler, to say, You have forgiveness for your sins; or to say, Get up and go?
τι γαρ εστιν ευκοπωτερον ειπειν αφεωνται σοι αι αμαρτια η ειπειν εγειραι και περιπατει
- 6 Enben, m'ap fè nou konnen mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pouvwa sou latè pou m' padonnen peche. Li vire, li di nonm paralize a: Leve kanpe, pran kabann ou, ale lakay ou.
But so that you may see that on earth the Son of man has authority for the forgiveness of sins, (then said he to the man who was ill.) Get up, and take up your bed, and go to your house.
ινα δε ειδητε οτι εξουσιαν εχει ο υιος του ανθρωπου επι της γης αφιεναι αμαρτιας τοτε λεγει τω παραλυτικω εγερθεις αρον σου την κλινην και υπαγε εις τον οικον σου
- 7 Nonm lan leve kanpe vre, li ale lakay li.
And he got up and went away to his house.
και εγερθεις απηλθεν εις τον οικον αυτου
- 8 Lè moun yo wè sa, yo tout te pè, yo fè lwanj Bondye dapre li te bay lèzòm kalite pouvwa sa a.
But when the people saw it they were full of fear, and gave glory to God who had given such authority to men.
ιδοντες δε οι οχλοι εθαυμασαν και εδοξασαν τον θεον τον δοντα εξουσιαν τοιαυτην τοις ανθρωποις
- 9 ¶ Jezi kite kote l' te ye a. Antan li t'ap pase konsa, li wè yon nonm yo te rele Matye ki te chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di l' konsa: Swiv mwen. Matye annik leve, li swiv Jezi.
And when Jesus was going from there, he saw a man whose name was Matthew, seated at the place where taxes were taken; and he said to him, Come after me. And he got up and went after him.
και παραγων ο ιησους εκειθεν ειδεν ανθρωπον καθημενον επι το τελωνιον ματθαιον λεγομενον και λεγει αυτω ακολουθει μοι και αναστας ηκολουθησεν αυτω
- 10 Pita, Jezi t'ap manje nan kay la. Te gen anpil pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal ki te vin chita sou tab avè l' ansanm ak disip li yo.
And it came about, when he was in the house taking food, that a number of tax-farmers and sinners came and took their places with Jesus and his disciples.
και εγενετο αυτου ανακειμενου εν τη οικια και ιδου πολλοι τελωναι και αμαρτωλοι ελθοντες συνανεκειντο τω ιησου και τοις μαθηταις αυτου
- 11 Farizyen yo wè sa, yo di disip li yo: Poukisa Mèt nou an ap manje konsa ak pèseptè kontribisyon ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo?
And when the Pharisees saw it, they said to his disciples, Why does your Master take food with tax-farmers and sinners?
και ιδοντες οι φαρισαιοι ειπον τοις μαθηταις αυτου διατι μετα των τελωνων και αμαρτωλων εσθιει ο διδασκαλος υμων
- 12 Jezi tande sa, li di yo: Si yon moun ansante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè.
But on hearing this he said, Those who are well have no need of a medical man, but those who are ill.
ο δε ιησους ακουσας ειπεν αυτοις ου χρειαν εχουσιν οι ισχυοντες ιατρου αλλ οι κακως εχοντες
- 13 Ale non, chache konprann sans pawòl sa yo ki nan Liv la: Mwen vle pou nou gen kè sansib. Mwen pa bezwen bèt n'ap ofri pou touye pou mwen yo. Paske, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal yo.
But go and take to heart the sense of these words, My desire is for mercy, not offerings: for I have come not to get the upright, but sinners.
πορευθεντες δε μαθετε τι εστιν ελεον θελω και ου θυσιαν ου γαρ ηλθον καλεσαι δικαιους αλλ αμαρτωλους εις μετανοιαν
- 14 ¶ Disip Jan Batis yo pwoche bò kot Jezi, yo di li: Nou menm ak farizyen yo, nou fè jèn. Men, poukisa disip ou yo pa fè jèn tou?
Then the disciples of John came to him, saying, Why do we and the Pharisees frequently go without food, but your disciples do not?
τοτε προσερχονται αυτω οι μαθηται ιωαννου λεγοντες διατι ημεις και οι φαρισαιοι νηστευομεν πολλα οι δε μαθηται σου ου νηστευουσιν
- 15 Jezi reponn yo: Eske zanmi yon nonm k'ap marye kapab nan lapenn toutotan nonm k'ap marye a la ak yo? Non, pa vre? Men, lè lè a va rive pou l' pa nan mitan yo ankò, se lè sa a y'a fè jèn.
And Jesus said to them, Will the friends of the newly-married man be sad as long as he is with them? But the days will come when he will be taken away from them, and then will they go without food.
και ειπεν αυτοις ο ιησους μη δυνανται οι υιοι του νυμφωνος πενθειν εφ οσον μετ αυτων εστιν ο νυμφιος ελευσονται δε ημεραι οταν απαρθη απ αυτων ο νυμφιος και τοτε νηστευουσιν
- 16 Pesonn pa pyese yon vye rad ak yon moso twal nèf. Paske, pyès nèf la va pati ak moso nan rad la. Lè sa a, rad la chire pi mal.
And no man puts a bit of new cloth on an old coat, for by pulling away from the old, it makes a worse hole.
ουδεις δε επιβαλλει επιβλημα ρακους αγναφου επι ιματιω παλαιο αιρει γαρ το πληρωμα αυτου απο του ιματιου και χειρον σχισμα γινεται

- 17 Konsa tou, yo pa mete diven ki fenk fèt nan vye veso fèt an po. Si ou fè sa, veso an po yo gen pou pete, diven an gen pou koule atè; epi ou pèdi veso yo tou. Men, yo mete diven ki fèk fèt nan veso an po ki fenk fèt tou. Konsa, ni diven an ni veso an po yo ap byen konsève.
 And men do not put new wine into old wine-skins; or the skins will be burst and the wine will come out, and the skins are of no more use: but they put new wine into new wine-skins, and so the two will be safe.
 ουδε βαλλουσιν οινον νεον εις ασκους παλαιους ει δε μηγε ριγγυνται οι ασκοι και ο οινος εκχεται και οι ασκοι απολουνται αλλα βαλλουσιν οινον νεον εις ασκους καινους και αμφοτερα συντηρουνται
- 18 ¶ Antan Jezi t'ap pale konsa ak moun yo, yonn nan chèf jwif yo vin rive, li mete ajenou devan Jezi. Li di li: Pitit fi mwen an fèk mouri. Men, vin mete men ou sou li pou li ka viv.
 While he was saying these things to them, there came a ruler and gave him worship, saying, My daughter is even now dead; but come and put your hand on her, and she will come back to life.
 ταυτα αυτου λαλουντος αυτοις ιδου αρχων ελθων προσεκυνει αυτω λεγων οτι η θυγατηρ μου αρτι ετελευτησεν αλλα ελθων επιθες την χειρα σου επ αυτην και ζησεται
- 19 Jezi leve, li swiv nonm lan. Disip li yo te ale avè l' tou.
 And Jesus got up and went after him, and so did his disciples.
 και εγερθεις ο ιησους ηκολουθησεν αυτω και οι μαθηται αυτου
- 20 Lè sa a, yon fanm ki te malad pwoche pa dèyè Jezi. Li te gen pèdisyon depi douzan. Li manyen rebò rad Jezi a,
 And a woman, who for twelve years had had a flow of blood, came after him, and put her hand on the edge of his robe:
 και ιδου γυνη αιμορροουσα δωδεκα ετη προσελθουσα οπισθεν ηψατο του κρασπεδου του ιματιου αυτου
- 21 paske li t'ap di nan kè l': Si m' ka manyen rad li sèlman, m'a geri.
 Because, she said to herself, if I may but put my hand on his robe, I will be made well.
 ελεγεν γαρ εν εαυτη εαν μονον αφωμαι του ιματιου αυτου σωθησομαι
- 22 Jezi vire tèt li, li wè fanm lan. Li di l' konsa: Pran kouraj, mafi. Konfyans ou nan Bondye ap geri ou. Menm lè a, fanm lan geri.
 But Jesus, turning and seeing her, said, Daughter, take heart; your faith has made you well. And the woman was made well from that hour.
 ο δε ιησους επιστραφεις και ιδων αυτην ειπεν θαρσει θυγατερ η πιστις σου σεσωκεν σε και εσωθη η γυνη απο της ωρας εκεινης
- 23 Lè Jezi rive kay chèf la, li wè mizisyon yo ki t'ap pare pou lanmèman an, ansanm ak yon foul moun ki t'ap fè anpil bri.
 And when Jesus came into the ruler's house and saw the players with their instruments and the people making a noise,
 και ελθων ο ιησους εις την οικιαν του αρχοντος και ιδων τους αυλητας και τον οχλον θορυβουμενον
- 24 Jezi di yo: Tout moun, soti. Tifi a pa mouri. Se dòmi l'ap dòmi. Yo pran pase l' nan betiz.
 He said, Make room; for the girl is not dead, but sleeping. And they were laughing at him.
 λεγει αυτοις αναχωρειτε ου γαρ απεθανεν το κορασιον αλλα καθευδει και κατεγελων αυτου
- 25 Lè foul moun yo fin soti, Jezi antre nan chanm lan. Li pran men tifi a. Lamenm, tifi a leve.
 But when the people were sent out, he went in and took her by the hand; and the girl got up.
 οτε δε εξεβληθη ο οχλος εισελθων εκρατησεν της χειρος αυτης και ηγερθη το κορασιον
- 26 Nouvèl la gaye nan tout peyi a.
 And the news of it went out into all that land.
 και εξηλθεν η φημη αυτη εις ολην την γην εκεινην
- 27 ¶ Jezi kite kote l' te ye a. Antan li t'ap pase yon kote, de avèg pran mache dèyè li. Yo t'ap rele: Pitit David, gen pitye pou nou!
 And when Jesus went on from there, two blind men came after him, crying out, Have mercy on us, you Son of David.
 και παραγοντι εκειθεν τω ιησου ηκολουθησαν αυτω δυο τυφλοι κραζοντες και λεγοντες ελεησον ημας υιε δαβιδ
- 28 Lè Jezi rive nan kay la, avèg yo pwoche bò kote li. Jezi di yo: Eske nou kwè mwen ka fè sa pou nou? Yo reponn li: Wi, Mèt.
 And when he had come into the house, the blind men came to him; and Jesus said to them, Have you faith that I am able to do this? They said to him, Yes, Lord.
 ελθοντι δε εις την οικιαν προσηλθον αυτω οι τυφλοι και λεγει αυτοις ο ιησους πιστευετε οτι δυναμαι τουτο ποιησαι λεγουσιν αυτω ναι κυριε
- 29 Lè sa a, li manyen je yo, li di: Se pou sa fèt pou nou jan nou kwè l' la.
 Then he put his hand on their eyes, saying, As your faith is, let it be done to you.
 οτε ηψατο των οφθαλμων αυτων λεγων κατα την πιστιν υμων γενηθητω υμιν

δια τουτο εν παραβολαις αυτοις λαλω οτι βλεποντες ου βλεπουσιν και ακουοντες ουκ ακουουσιν ουδε συνιουσιν
- 14 Konsa, sa pwofèt Ezayi te di a rive vre pou yo: n'a tande nan zòrèy nou, men, nou p'ap konprann. n'a gade ak je nou, men, nou p'ap wè.
And for them the words of Isaiah have come true, Though you give ear, you will not get knowledge; and seeing, you will see, but the sense will not be clear to you:
και αναπληρουνται επ αυτοις η προφητεια ησαιου η λεγουσα ακοη ακουσετε και ου μη συνητε και βλεποντες βλεψετε και ου μη ιδητε
- 15 Paske, lespri pèp sa a vin lou. Yo bouche zòrèy yo, yo fèmen je yo, pou yo pa wè ak je yo, pou yo pa tande nan zòrèy yo, pou yo pa konprann ak lespri yo, pou yo pa tounen vin jwenn mwen pou m' geri yo. Se Bondye ki pale konsa.
For the heart of this people has become fat and their ears are slow in hearing and their eyes are shut; for fear that they might see with their eyes and give hearing with their ears and become wise in their hearts and be turned again to me, so that I might make them well.
επαχυνθη γαρ η καρδια του λαου τουτου και τοις ωσιν βαρεως ηκουσαν και τους οφθαλμους αυτων εκαμυσαν μηποτε ιδωσιν τοις οφθαλμοις και τοις ωσιν ακουσωσιν και τη καρδια συνωσιν και επι στρεψωσιν και ιασωμαι αυτους

- 16 Men, pou nou menm, benediksyon pou nou: paske nou wè ak je nou, nou tande nan zòrèy nou.
But a blessing be on your eyes, because they see; and on your ears, because they are open.
υμων δε μακαριοι οι οφθαλμοι οτι βλεπουσιν και τα οτα υμων οτι ακουει
- 17 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Anpil pwofèt ak anpil moun ki mache dwat devan Bondye te anvè wè sa n'ap wè la a, men yo pa t' wè li. Yo te anvè tande sa n'ap tande la a, men yo pa t' tande li.
For truly, I say to you that prophets and upright men had a desire to see the things which you see, and saw them not; and to have knowledge of the words which have come to your ears, and they had it not.
αμην γαρ λεγω υμιν οτι πολλοι προφηται και δικαιοι επεθυμησαν ιδειν α βλεπετε και ουκ ειδον και ακουσαι α ακουετε και ουκ ηκουσαν
- 18 Koulye a, koute. Men sa parabòl moun ki t'ap simen an vle di.
Give ear, then, to the story of the man who put the seed in the earth.
υμεις ουν ακουσατε την παραβολην του σπειροντος
- 19 Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.
When the word of the kingdom comes to anyone, and the sense of it is not clear to him, then the Evil One comes, and quickly takes away that which was put in his heart. He is the seed dropped by the wayside.
παντος ακουοντος τον λογον της βασιλειας και μη συνιεντος ερχεται ο πονηρος και αρπαζει το εσπαρμενον εν τη καρδια αυτου ουτος εστιν ο παρα την οδον σπαρεις
- 20 Gen lòt ki tankou tè ki gen anpil wòch la. Lè yo fèk tande pawòl la, yo resevwa l' ak kè kontan.
And that which went on the stones, this is he who, hearing the word, straight away takes it with joy;
ο δε επι τα πετρωδη σπαρεις ουτος εστιν ο τον λογον ακουων και ευθυς μετα χαρας λαμβανων αυτον
- 21 Men, yo pa kite l' pouze rasen nan kè yo. Yo pa kenbe l' pou lontan. Lè yo tonbe anba tèt chaje ak pèsèkisyon akòz pawòl Bondye a, lamenn yo jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche.
But having no root in himself, he goes on for a time; and when trouble comes or pain, because of the word, he quickly becomes full of doubts.
ουκ εχει δε ριζαν εν εαυτω αλλα προσκαιρος εστιν γενομενης δε θλιψεως η διωγμου δια τον λογον ευθυς σκανδαλιζεται
- 22 Gen lòt ankò ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan mitan pikan. Yo tande pawòl la, men traka lavi ak anvè gen lajan, tou sa toufe pawòl la, kifè yo pa ka bay anyen menm.
And that which was dropped among the thorns, this is he who has the word; and the cares of this life, and the deceits of wealth, put a stop to the growth of the word and it gives no fruit.
ο δε εις τας ακανθας σπαρεις ουτος εστιν ο τον λογον ακουων και η μεριμνα του αιωνος τουτου και η απατη του πλουτου συμπιγει τον λογον και ακαρπος γινεται
- 23 Moun ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun ki konprann pawòl la lè yo tande li. Lè sa a, yo donnen. Gen ladan yo ki bay san, yon lòt bay swasant, yon lòt bay trant.
And the seed which was put in good earth, this is he who gives ear to the word, and gets the sense of it; who gives fruit, some a hundred, some sixty, some thirty times as much.
ο δε επι την γην την καλην σπαρεις ουτος εστιν ο τον λογον ακουων και συνιων ος δη καρποφορει και ποιει ο μιν εκατον ο δε εξηκοντα ο δε τριακοντα
- 24 ¶ Jezi ba yo yon lòt parabòl ankò. Li di yo konsa: Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon moun ki te simen bon grenn nan jaden li.
And he gave them another story, saying, The kingdom of heaven is like a man who put good seed in his field:
αλλην παραβολην παρεθηκεν αυτοις λεγων ομοιωθη η βασιλεια των ουρανων ανθρωπω σπειροντι καλον σπερμα εν τω αγρω αυτου
- 25 Men, yon jou lannwit, pandan tout moun t'ap dòmi, yon lènmi nonm lan vini, li simen move zèb nan mitan mayi yo. Apre sa, li ale.
But while men were sleeping, one who had hate for him came and put evil seeds among the grain, and went away.
εν δε τω καθευδειν τους ανθρωπους ηλθεν αυτου ο εχθρος και εσπειρεν ζιζανια ανα μεσον του σιτου και απηλθεν
- 26 Lè mayi yo fin pouze, yo pran jete zepi. Lè sa a, move zèb la parèt tou.
But when the green stem came up and gave fruit, the evil plants were seen at the same time.
οτε δε εβλαστησεν ο χορτος και καρπον εποησεν τοτε εφανη και τα ζιζανια
- 27 Moun ki t'ap travay ak mèt jaden an vin di li: Mèt, se pa bon grenn ase nou te simen nan jaden ou lan? Kote move zèb sa yo sofè?
And the servants of the master of the house came and said to him, Sir, did you not put good seed in your field? how then has it evil plants?
προσελθοντες δε οι δουλοι του οικοδεσποτου ειπον αυτω κυριε ουχι καλον σπερμα εσπειρας εν τω σω αγρω ποθεν ουν εχει τα ζιζανια
- 28 Li reponn yo: Se yon lènmi m' ki fè sa. Travayè yo mande li: Ou pa ta vle n' al rache move zèb yo?
And he said, Someone has done this in hate. And the servants say to him, Is it your pleasure that we go and take them up?
ο δε εφη αυτοις εχθρος ανθρωπος τουτο εποησεν οι δε δουλοι ειπον αυτω θελεις ουν απελθοντες συλλεξωμεν αυτα

- 29 Li di yo: Non, poko fè sa. Paske, antan n'ap rache move zèb yo, nou ka derasinen mayi a avèk yo tou.
But he says, No, for fear that by chance while you take up the evil plants, you may be rooting up the grain with them.
ο δε εφη ου μηποτε συλλεγοντες τα ζιζανια εκριζωσητε αμα αυτοις τον σιτον
- 30 Kite yo grandi ansanm jouk lè rekòt la va rive. Lè sa a, m'a di moun k'ap ranmase rekòt la: Rache move zèb yo anvan. Mare yo fè pakèt pou n' al boule. Mayi a menm, mete l' nan galata mwen.
Let them come up together till the getting in of the grain; and then I will say to the workers, Take up first the evil plants, and put them together for burning; but put the grain into my store-house.
αφετε συναυξανεσθαι αμφοτερα μεχρι του θερισμου και εν τω καιρω του θερισμου ερω τοις θερισταις συλλεξατε πρωτον τα ζιζανια και δησατε αυτα εις δεσμας προς το κατακαυσαι αυτα τον δε σιτο ν συναγαγετε εις την αποθηκη μου
- 31 Li ba yo yon lòt parabòl ankò. Li di yo konsa: Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon ti grenn moutad yon nonm pran pou li al simen nan jaden li.
He put another story before them, saying, The kingdom of heaven is like a grain of mustard seed which a man took and put in his field:
αλλην παραβολην παρεθηκεν αυτοις λεγων ομοια εστιν η βασιλεια των ουρανων κοκκω σιναπεως ον λαβων ανθρωπος εσπειρεν εν τω αγρω αυτου
- 32 Grenn moutad, se grenn ki pi piti nan tout grenn ki genyen. Men, lè l' pouse, li pi gwo pase tout plant menm kalite avèk li. Li vin yon gwo pyebwa. Se konsa zwazo nan syèl la vin fè nich nan branch li yo.
Which is smaller than all seeds; but when it has come up it is greater than the plants, and becomes a tree, so that the birds of heaven come and make their resting-places in its branches.
ο μικροτερον μεν εστιν παντων των σπερματων οταν δε αυξηθη μειζον των λαχανων εστιν και γινεται δενδρον ωστε ελθειν τα πετεινα του ουρανου και κατασκηνουν εν τοις κλαδοις αυτου
- 33 Li di yo yon lòt parabòl ankò: Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou ledven yon fanm pran, li mete nan senk mezi farin pou fè tout pa t' la leve.
Another story he gave to them: The kingdom of heaven is like leaven, which a woman took, and put in three measures of meal, till it was all leavened.
αλλην παραβολην ελαλησεν αυτοις ομοια εστιν η βασιλεια των ουρανων ζυμη ην λαβουσα γυνη ενεκρυσεν εις αλευρου σατα τρια εως ου εξυμωθη ολον
- 34 Se avèk parabòl konsa Jezi t'ap moutre foul moun yo tout bagay sa yo. Li pa t' louvri bouch li pou l' pa t' rakonte yo yon parabòl.
All these things Jesus said to the people in the form of stories; and without a story he said nothing to them:
ταυτα παντα ελαλησεν ο ιησους εν παραβολαις τοις οχλοις και χωρις παραβολης ουκ ελαλει αυτοις
- 35 Sa te pase konsa pou pawòl pwofèt la te di a te ka rive vre: Se an parabòl m'ap pale ak yo. m'a fè yo konnen bagay ki te kache depi anvan Bondye te kreye latè.
That it might come true which was said by the prophet, Opening my mouth, I will give out stories; I will give knowledge of things kept secret from before all time.
οπως πληρωθη το ρηθεν δια του προφητου λεγοντος ανοιξω εν παραβολαις το στομα μου ερευξομαι κεκρυμμενα απο καταβολης κοσμου
- 36 Apre sa, Jezi kite foul moun yo dèyè, li antre nan kay la. Disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Esplike nou parabòl move zèb nan jaden an.
Then he went away from the people, and went into the house; and his disciples came to him, saying, Make clear to us the story of the evil plants in the field.
τοτε αφεις τους οχλους ηλθεν εις την οικιαν ο ιησους και προσηλθον αυτω οι μαθηται αυτου λεγοντες φρασον ημιν την παραβολην των ζιζανιων του αγρου
- 37 Li reponn yo: Moun ki simen bon grenn lan, se Moun Bondye voye nan lachè a.
And he made answer and said, He who puts the good seed in the earth is the Son of man;
ο δε αποκριθεις ειπεν αυτοις ο σπειρων το καλον σπερμα εστιν ο υιος του ανθρωπου
- 38 Jaden an se latè. Bon grenn yo, se moun ki fè pati Peyi Wa a. Move zèb yo, se moun ki patizan Satan.
And the field is the world; and the good seed is the sons of the kingdom; and the evil seeds are the sons of the Evil One;
ο δε αγρος εστιν ο κοσμος το δε καλον σπερμα ουτοι εισιν οι υιοι της βασιλειας τα δε ζιζανια εισιν οι υιοι του πονηρου
- 39 Lènmi ki simen move zèb yo, se Satan. Sezon rekòt la, se lè tout bagay va fini nèt la. Moun k'ap ranmase rekòt la, se zanj Bondye yo.
And he who put them in the earth is Satan; and the getting in of the grain is the end of the world; and those who get it in are the angels.
ο δε εχθρος ο σπειρας αυτα εστιν ο διαβολος ο δε θερισμος συντελεια του αιωνος εστιν οι δε θερισται αγγελοι εισιν
- 40 Menm jan yo te rache move zèb yo pou jete yo nan dife a, se konsa tou sa pral rive, lè tout bagay va fini.
As then the evil plants are got together and burned with fire, so will it be in the end of the world.
ωσπερ ουν συλλεγεται τα ζιζανια και πυρι κατακαιεται ουτως εσται εν τη συντελεια του αιωνος τουτου
- 41 Moun Bondye voye nan lachè a va voye zanj li yo pou yo wete tout moun k'ap fè lòt moun fè peche, ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal. y'a mete yo deyò nan Peyi kote l' Wa a.
The Son of man will send out his angels, and they will take out of his kingdom everything which is a cause of error, and all those who do wrong,
αποστειλει ο υιος του ανθρωπου τους αγγελους αυτου και συλλεξουσιν εκ της βασιλειας αυτου παντα τα σκανδαλα και τους ποιουντας την ανομιαν

- 42 Zanj yo va jete yo nan gwo founo k'ap boule a. Se la va gen rèl, se la moun va manje dan yo.
And will put them into the fire; there will be weeping and cries of sorrow.
 και βαλουσιν αυτους εις την καμινον του πυρος εκει εσται ο κλαυθμος και ο βρυγμος των οδοντων
- 43 Men, lè sa a, moun ki te mache dwat devan Bondye yo va klere tankou solèy nan peyi Papa yo ki Wa a. Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande. Parabòl ja lajan an
Then will the upright be shining as the sun in the kingdom of their Father. He who has ears, let him give ear.
 τοτε οι δικαιοι εκλαμψουσιν ως ο ηλιος εν τη βασιλεια του πατρος αυτων ο εχων ωτα ακουειν ακουετω
- 44 ¶ Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon ja lajan ki te anba tè nan yon jaden. Yon nonm rive jwenn li, li kouvri l' ankò. Li sitèlman kontan, li ale, li vann tou sa l' genyen, li tounen vin achte jaden an.
The kingdom of heaven is like a secret store of wealth in a field, which a man came across and put back again; and in his joy he goes and gives all he has, to get that field.
 παλιν ομοια εστιν η βασιλεια των ουρανων θησαυρω κεκρυμμενω εν τω αγρω ον ευρων ανθρωπος εκρυψεν και απο της χαρας αυτου υπαγει και παντα οσα εχει πωλει και αγοραζει τον αγρον εκεινον
- 45 Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon machann k'ap chache bèl grenn pèl.
Again, the kingdom of heaven is like a trader searching for beautiful jewels.
 παλιν ομοια εστιν η βασιλεια των ουρανων ανθρωπω εμπορω ζητουντι καλους μαργαριτας
- 46 Lè li jwenn yon bèl grenn pèl ki chè anpil, li ale, li vann tou sa l' genyen pou l' ka achte li.
And having come across one jewel of great price, he went and gave all he had in exchange for it.
 ος ευρων ενα πολυτιμον μαργαριτην απελθων πεπρακεν παντα οσα ειχεν και ηγορασεν αυτον
- 47 Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon privye yo voye nan lanmè. Li pran tout kalite pwason.
Again, the kingdom of heaven is like a net, which was put into the sea and took in every sort of fish:
 παλιν ομοια εστιν η βασιλεια των ουρανων σαγηνη βληθειση εις την θαλασσαν και εκ παντος γενους συναγαγουση
- 48 Lè li fin plen, pechè pwason yo rale l' sou bò rivaj la. Yo chita, yo triye pwason yo: yo mete bon pwason yo nan panyen, yo jete sa ki pa bon yo nan lanmè ankò.
When it was full, they took it up on the sands; and seated there they put the good into vessels, but the bad they put away.
 ην οτε επληρωθη αναβιβασαντες επι τον αιγιαλον και καθισαντες συνελεξαν τα καλα εις αγγεια τα δε σαπρα εξω εβαλον
- 49 Se konsa sa pral rive tou lè tout bagay va fini. Zanj Bondye yo va vini, y'ap mete mechan yo yon bò, moun ki fè sa ki byen yo yon bò.
So will it be in the end of the world: the angels will come and take out the bad from the good,
 ουτως εσται εν τη συντελεια του αιωνος εξελευσονται οι αγγελοι και αφοριουσιν τους πονηρους εκ μεσου των δικαιων
- 50 y'a jete mechan yo nan gwo founo k'ap boule a. Se la va gen rèl, se la moun va manje dan yo.
And will put them into the fire: there will be weeping and cries of sorrow.
 και βαλουσιν αυτους εις την καμινον του πυρος εκει εσται ο κλαυθμος και ο βρυγμος των οδοντων
- 51 Jezi mande disip li yo: Eske nou konprann tou sa? Yo reponn: Wi.
Are all these things now clear to you? They say to him, Yes.
 λεγει αυτοις ο ιησους συνηκατε ταυτα παντα λεγουσιν αυτω ναι κυριε
- 52 Lè sa a, Jezi di yo: Se konsa, tout dirèktè lalwa ki tounen yon disip nan Peyi Wa ki nan syèl la ap tankou yon mèt kay k'ap rale met deyò bagay li fenk achte ak bagay li gen depi lontan nan byen l' yo.
And he said to them, For this reason every scribe who has become a disciple of the kingdom of heaven is like the owner of a house, who gives out from his store things new and old.
 ο δε ειπεν αυτοις δια τουτο πας γραμματευς μαθητευθεις εις την βασιλειαν των ουρανων ομοιος εστιν ανθρωπω οικοδοεσποτη οστις εκβαλλει εκ του θησαυρου αυτου καινα και παλαια
- 53 ¶ Lè Jezi fin di parabòl sa yo, li kite kote l' te ye a.
And when Jesus had come to the end of these stories he went away from there.
 και εγενετο οτε ετελεσεν ο ιησους τας παραβολας ταυτας μετηρεν εκειθεν
- 54 li ale nan lavil kote l' te grandi a. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg la. Tout moun ki t'ap koute l' te sezi anpil. Yo t'ap di konsa: Ki bò li pran konesans sa a! Kouman li fè fè tout mirak sa yo?
And coming into his country, he gave them teaching in their Synagogue, so that they were greatly surprised and said, Where did this man get this wisdom and these works of power?
 και ελθων εις την πατριδα αυτου εδιδασκεν αυτους εν τη συναγωγη αυτων οστε εκπληττεσθαι αυτους και λεγειν ποθεν τουτω η σοφια αυτη και αι δυναμεις

- 55 Se pa pitit bòs chapant lan? Se pa Mari ki manman li? Se pa frè Jak, Jozèf, Simon ak Jid li ye?
Is not this the woodworker's son? is not his mother named Mary? and his brothers James and Joseph and Simon and Judas?
ουχ ουτος εστιν ο του τεκτονος υιος ουχι η μητηρ αυτου λεγεται μαριαμ και οι αδελφοι αυτου ιακωβος και ιωσης και σιμων και ιουδας
- 56 Apa tout sè l' yo la avèk nou. Kote l' jwenn tout bagay sa yo?
And his sisters, are they not all with us? from where, then, has he all these things?
και αι αδελφαι αυτου ουχι πασαι προς ημας εισιν ποθεν ουν τουτω ταυτα παντα
- 57 Se sak fè yo te jwenn nan li okazyon tonbe nan peche. Lè sa a, Jezi di yo: Yon pwofèt jwenn respè toupatou, esepite nan peyi l' ak nan fanmi li.
And they were bitter against him. But Jesus said to them, A prophet is nowhere without honour but in his country and among his family.
και εσκανδαλιζοντο εν αυτω ο δε ιησους ειπεν αυτοις ουκ εστιν προφητης ατιμος ει μη εν τη πατριδι αυτου και εν τη οικια αυτου
- 58 Se konsa Jezi pa t' fè anpil mirak la, paske yo pa t' kwè nan li.
And the works of power which he did there were small in number because they had no faith.
και ουκ εποιησεν εκει δυναμεις πολλας δια την απιστιαν αυτων
- 1 ¶ Lè sa a, Ewòd ki t'ap gouvènen nan peyi Galile tande pale sou Jezi.
At that time news of Jesus came to Herod the king;
εν εκεινω τω καιρω ηκουσεν ηρωδης ο τετραρχης την ακοην ιησου
- 2 Li di moun ki t'ap travay avè l' yo: Se Jan Batis wi! Se li ki leve vivan nan lanmò. Se poutèt sa li ka fè tout mirak sa yo.
And he said to his servants, This is John the Baptist; he has come back from the dead, and so these powers are working in him.
και ειπεν τοις παισιν αυτου ουτος εστιν ιωαννης ο βαπτιστης αυτος ηγερθη απο των νεκρων και δια τουτο αι δυναμεις ενεργουσιν εν αυτω
- 3 Se Ewòd menm ki te fè arete Jan Batis. Li te fè mare l' mete nan prizon poutèt Ewodyad, madanm Filip, frè li.
For Herod had taken John and put him in prison because of Herodias, his brother Philip's wife.
ο γαρ ηρωδης κρατησας τον ιωαννην εδησεν αυτον και εθετο εν φυλακη δια ηρωδιαδα την γυναικα φιλιππου του αδελφου αυτου
- 4 Paske Jan te di Ewòd konsa: Ou pa gen dwa pran Ewodyad pou madanm ou.
Because John had said to him, It is not right for you to have her.
ελεγεν γαρ αυτω ο ιωαννης ουκ εξεστιν σοι εχειν αυτην
- 5 Ewòd te vle touye l', men li te pè jwif yo, paske yo tout te pran Jan Batis pou yon pwofèt.
And he would have put him to death, but for his fear of the people, because in their eyes John was a prophet.
και θελων αυτον αποκτειναι εφοβηθη τον οχλον οτι ως προφητην αυτον ειχον
- 6 Men, jou fèt Ewòd la, pitit fi Ewodyad la t'ap danse devan tout envite yo. Sa te fè Ewòd plezi anpil.
But when Herod's birthday came, the daughter of Herodias was dancing before them, and Herod was pleased with her.
γενεσιων δε αγομενων του ηρωδου ωρχησατο η θυγατηρ της ηρωδιαδος εν τω μεσω και ηρεσεν τω ηρωδη
- 7 Lè sa a, Ewòd sèman l' ap ba li nenpòt kisa li ta mande li.
So he gave her his word with an oath to let her have whatever she might make request for.
οθεν μεθ ορκου ωμολογησεν αυτη δουναι ο εαν αιτησηται
- 8 Pitit fi Ewodyad la menm koute konsèy manman l' te ba li, li di Ewòd: Fè pote tèt Jan Batis ban mwen koulye a sou yon plato.
And she, at her mother's suggestion, said, Give me here on a plate the head of John the Baptist.
η δε προβιβασθεισα υπο της μητρος αυτης δος μοι φησιν ωδε επι πινακι την κεφαλην ιωαννου του βαπτιστου
- 9 Kè wa a kase. Men, akòz gwo sèman li te fè devan tout envite yo, li bay lòd pou yo bay fi a sa l' te mande a.
And the king was sad; but because of his oaths and because of his guests, he gave the order for it to be given to her;
και ελυπηθη ο βασιλευς δια δε τους ορκους και τους συνανακειμενους εκελευσεν δοθηναι
- 10 Se konsa, Ewòd voye koupe tèt Jan Batis nan prizon an.
And he sent and had John's head cut off in the prison.
και πεμψας απεκεφαλισεν τον ιωαννην εν τη φυλακη

- 11 Yo pote tèt la vini sou yon plato, yo renmèt fi a li. Fi a menm pote l' bay manman li.
And his head was put on a plate and given to the girl; and she took it to her mother.
και ηνεχθη η κεφαλη αυτου επι πινακι και εδοθη τω κορασιω και ηνεγκεν τη μητρι αυτης
- 12 Patizan Jan Batis yo vin pran kò a, yo antere li. Apre sa, y al di Jezi sa ki te pase.
And his disciples came, and took up his body and put it in the earth; and they went and gave Jesus news of what had taken place.
και προσελθοντες οι μαθηται αυτου ηραν το σωμα και εθαψαν αυτο και ελθοντες απηγγειλαν τω ιησου
- 13 ¶ Lè Jezi pran nouvèl sa a, li pati nan yon kannòt. Li te vle al yon kote ki pa gen moun pou l' te ka pou kont li. Men, moun yo vin konn sa. Yo kouri soti nan tout lavil yo, yo pran mache sou rivaj la ap swiv li.
Now when it came to the ears of Jesus, he went away from there in a boat, to a waste place by himself: and the people hearing of it, went after him on foot from the towns.
και ακουσας ο ιησους ανεχωρησεν εκειθεν εν πλοιω εις ερημον τοπον κατ ιδιαν και ακουσαντες οι οχλοι ηκολουθησαν αυτω πεζη απο των πολεων
- 14 Lè Jezi desann soti nan kannòt la, li wè tout foul moun yo. Kè l' fè l' mal pou yo, li pran geri moun malad yo.
And he came out and saw a great number of people and he had pity on them, and made well those of them who were ill.
και εξελθων ο ιησους ειδεν πολυν οχλον και εσπλαγχισθη επ αυτους και εθεραπευσεν τους αρρωστους αυτων
- 15 Lè solèy fin kouche, disip Jezi yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Li fin ta wi. Pa gen moun ki rete bò isit la. Voye moun yo ale pou yo ka achte manje nan bouk yo.
And when evening had come, the disciples came to him, saying, This place is waste land, and the time is now past; send the people away so that they may go into the towns and get themselves food.
οψιας δε γενομενης προσηλθον αυτω οι μαθηται αυτου λεγοντες ερημος εστιν ο τοπος και η ωρα ηδη παρηλθεν απολυσον τους οχλους ινα απελθοντες εις τας κομας αγορασωσιν εαυτοις βρωματα
- 16 Jezi reponn yo: Yo pa bezwen ale. Ba yo manje nou menm.
But Jesus said to them, There is no need for them to go away; give them food yourselves.
ο δε ιησους ειπεν αυτοις ου χρειαν εχουσιν απελθειν δοτε αυτοις υμεις φαγειν
- 17 Men yo di li: Se senk pen ak de pwason ase nou gen la a.
And they say to him, We have here but five cakes of bread and two fishes.
οι δε λεγουσιν αυτω ουκ εχομεν ωδε ει μη πεντε αρτους και δυο ιχθυας
- 18 Jezi di yo: Pote yo ban mwen.
And he said, Give them to me.
ο δε ειπεν φερετε μοι αυτους ωδε
- 19 Apre sa, li bay lòd fè moun yo chita sou zèb la. Li pran senk pen yo ak de pwason yo, li leve je l' nan syèl la, li di Bondye mèsi. Li kase pen yo, li bay disip yo. Disip yo menm mache bay tout moun.
And he gave orders for the people to be seated on the grass; and he took the five cakes of bread and the two fishes and, looking up to heaven, he said words of blessing, and made division of the food, and gave it to the disciples, and the disciples gave it to the people.
και κελευσας τους οχλους ανακλιθηναι επι τους χορτους και λαβων τους πεντε αρτους και τους δυο ιχθυας αναβλεψας εις τον ουρανον ευλογησεν και κλασας εδωκεν τοις μαθηταις τους αρτους οι δε μαθηται τοις οχλοις
- 20 Tout moun manje vant plen. Apre sa, disip yo plen douz panyen ak ti moso ki te rete, yo pote ale.
And they all took of the food and had enough: and they took up twelve baskets full of broken bits which were not used.
και εφαγον παντες και εχορτασθησαν και ηραν το περισσευον των κλασματων δωδεκα κοφινους πληρεις
- 21 Te gen senkmil (5,000) gason konsa ki te jwenn manje pou yo manje, san konte fanm ak timoun.
And those who had food were about five thousand men, in addition to women and children.
οι δε εσθιοντες ησαν ανδρες ωσει πεντακισχιλιοι χωρις γυναικων και παιδιων
- 22 ¶ Touswit apre sa, Jezi fè disip li yo moute nan kannòt la, li voye yo devan lòt bò lanmè a. Li menm, li te rete dèyè pou l' te voye moun yo ale.
And straight away he made the disciples get into the boat and go before him to the other side, till he had sent the people away.
και ευθεως ηναγκασεν ο ιησους τους μαθητας αυτου εμβηναι εις το πλοιον και προαγειν αυτον εις το περαν εως ου απολυση τους οχλους
- 23 Lè li fin voye yo ale, li moute pou kont li sou yon ti mòn pou l' lapriyè. Solèy te fin kouche, li te la toujou pou kont li.
And after he had sent the people away, he went up into the mountain by himself for prayer: and when evening was come, he was there by himself.
και απολυσας τους οχλους ανεβη εις το ορος κατ ιδιαν προσευξασθαι οψιας δε γενομενης μονος ην εκει

- 24 Kannòt la menm te gen tan yon bon distans sou lanmè a. Men, lanm yo t'ap bat li, paske van an te kontrè pou yo.
But the boat was now in the middle of the sea, and was troubled by the waves: for the wind was against them.
το δε πλοιον ηδη μεσον της θαλασσης ην βασανιζομενον υπο των κυματων ην γαρ εναντιος ο ανεμος
- 25 Douvan jou, Jezi pran mache sou dlo a pou li al jwenn yo.
And in the fourth watch of the night he came to them, walking on the sea.
τεταρτη δε φυλακη της νυκτος απηλθεν προς αυτους ο ιησους περιπατων επι της θαλασσης
- 26 Lè disip yo wè l' ap mache sou dlo a, yo te pè anpil, yo t'ap di: Se yon revenan. Yo pran rele tèlman yo te pè.
And when they saw him walking on the sea, they were troubled, saying, It is a spirit; and they gave cries of fear.
και ιδοντες αυτον οι μαθηται επι την θαλασσαν περιπατουντα εταραχθησαν λεγοντες οτι φαντασμα εστιν και απο του φοβου εκραζαν
- 27 Menm lè a, Jezi di yo: Pran tèt nou. Se mwen menm. Nou pa bezwen pè.
But straight away Jesus said to them, Take heart; it is I, have no fear.
ευθεως δε ελαλησεν αυτοις ο ιησους λεγων θαρσειτε εγω ειμι μη φοβεισθε
- 28 Lè sa a, Pyè di li: Mèt, si se ou menm vre, di m' vin jwenn ou sou dlo a.
And Peter, answering, said to him, Lord, if it is you, give me the order to come to you on the water.
αποκριθεις δε αυτω ο πετρος ειπεν κυριε ει συ ει κελευσον με προς σε ελθειν επι τα υδατα
- 29 Jezi di li: Vini non. Pyè soti nan kannòt la, li kòmanse mache sou dlo a pou li al jwenn Jezi.
And he said, Come. And Peter got out of the boat, and walking on the water, went to Jesus.
ο δε ειπεν ελθε και καταβας απο του πλοιου ο πετρος περιεπατησεν επι τα υδατα ελθειν προς τον ιησουν
- 30 Men, lè Pyè wè jan van an te fò, li pè. Lè sa a, li kòmanse koule, li pran rele: Mèt, sove m' non!
But when he saw the wind he was in fear and, starting to go down, he gave a cry, saying, Help, Lord.
βλεπων δε τον ανεμον ισχυρον εφοβηθη και αρξαμενος καταποντιζεσθαι εκραζεν λεγων κυριε σωσον με
- 31 Menm lè a, Jezi lonje men l', li pran Pyè, li di li: Gade jan ou manke konfyans. Poukisa ou pa te fin kenbe konfyans ou nèt?
And straight away Jesus put out his hand and took a grip of him, and said to him, O man of little faith, why were you in doubt?
ευθεως δε ο ιησους εκτεινας την χειρα επελαβετο αυτου και λεγει αυτω ολιγοπιστε εις τι εδιστασας
- 32 Yo tou de moute nan kannòt la, lamenn van an kase.
And when they had got into the boat, the wind went down.
και εμβαντων αυτων εις το πλοιον εκοπασεν ο ανεμος
- 33 Lè sa a, moun ki te nan kannòt la vin mete ajenou devan Jezi, yo di: Ou se pitit Bondye a vre.
And those who were in the boat gave him worship, saying, Truly you are the Son of God.
οι δε εν τω πλοιω ελθοντες προσεκυνησαν αυτω λεγοντες αληθως θεου υιος ει
- 34 ¶ Lè yo fin janbe lòt bò lanmè a, yo fè tè nan peyi Jenezarèt.
And when they had gone across, they came to land at Gennesaret.
και διαπερασαντες ηλθον εις την γην γεννησαρετ
- 35 Moun peyi a rekonèt Jezi, yo voye nouvèl la nan tout rejyon an. Yo mennen tout malad yo ba li.
And when the men of that place had news of him, they sent into all the country round about, and took to him all who were ill,
και επιγοντες αυτον οι ανδρες του τοπου εκεινου απεστειλαν εις ολην την περιχωρον εκεινην και προσηνεγκαν αυτω παντας τους κακως εχοντας
- 36 Yo di Jezi: Tanpri souple, kite malad yo manyen bò rad ou ase. Tout moun malad ki te manyen rad li te geri.
With the request that they might only put their hands on the edge of his robe: and all those who did so were made well.
και παρεκαλουν αυτον ινα μονον αφωνται του κρασπεδου του ιματιου αυτου και οσοι ηψαντο διεσωθησαν
- 1 ¶ Lè sa a, kèk farizyen ak dirèktè lalwa soti Jerizalèm, yo vin bò kot Jezi. Yo di li:
Then there came to Jesus from Jerusalem Pharisees and scribes, saying,
τοτε προσερχονται τω ιησου οι απο ιεροσολυμων γραμματεις και φαρισαιοι λεγοντες

- 2 Poukisa disip ou yo pa swiv koutim granmoun lontan yo? Gade. Yo pa lave men yo anvan yo manje.
Why do your disciples go against the teaching of the fathers? for they take food with unwashed hands.
 διати οι μαθηται σου παραβαινουσιν την παραδοσιν των πρεσβυτερων ου γαρ νιπτονται τας χειρας αυτων οταν αρτον εσθιωσιν
- 3 Li reponn yo: Nou menm k'ap pale a, poukisa n'ap plede dezobeyi kòmandman Bondye yo pou nou swiv koutim pa nou yo?
And in answer he said to them, Why do you, yourselves, go against the word of God on account of the teaching which has been handed down to you?
 ο δε αποκριθεις ειπεν αυτοις διατι και υμεις παραβαινετε την εντολην του θεου δια την παραδοσιν υμων
- 4 Tande byen. Bondye di nou konsa: Respekte papa ou ak manman ou. Li di ankò: Si yon moun pale papa l' osinon manman l' mal, se pou yo touye l'.
For God said, Give honour to your father and mother: and, He who says evil of father or mother will be put to death.
 ο γαρ θεος ενετειλατο λεγων τιμα τον πατερα σου και την μητερα και ο κακολογων πατερα η μητερα θανατω τελευτατω
- 5 Men nou menm, nou di: Si yon moun di papa l' osinon manman l': Sa m' ta gen pou m' ba ou a, m' ofri l' bay Bondye,
But you say, If a man says to his father or his mother, That by which you might have had profit from me is given to God;
 υμεις δε λεγετε ος αν ειπη τω πατρι η τη μητρι δωρον ο εαν εξ εμου ωφεληθης και ου μη τιμηση τον πατερα αυτου η την μητερα αυτου
- 6 moun sa a pa bezwen fè anyen pou papa l' osinon pou manman l'. Se konsa, avèk koutim nou yo, nou fè pawòl Bondye a pase pou anyen menm.
There is no need for him to give honour to his father. And you have made the word of God without effect because of your teaching.
 και ηκυρωσατε την εντολην του θεου δια την παραδοσιν υμων
- 7 Bann ipokrit! Ezayi te gen rezon lè l' t'ap pale sou nou, jan sa ekri a:
You false ones, well did Isaiah say of you,
 υποκριται καλωσ προεφητευσεν περι υμων ησαιας λεγων
- 8 Se nan bouch pèp sa a respekte mwen. Men, kè yo byen lwen mwen.
These people give me honour with their lips, but their heart is far from me.
 εγγιζει μοι ο λαος ουτος τω στοματι αυτων και τοις χειλεσιν με τιμα η δε καρδια αυτων πορρω απεχει απ εμου
- 9 Se tan yo y'ap pèdi, lè y'ap fè sèvis pou mwen. Paske, nan sa y'ap di, se pawòl lèzòm y'ap moutre moun.
But their worship is to no purpose, while they give as their teaching the rules of men.
 ματην δε σεβονται με διδασκοντες διδασκαλιας ενταλματα ανθρωπων
- 10 ¶ Apre sa, li rele foul moun yo, li di yo: Koute byen sa m'ap di nou la a, manyè konprann sa:
And he got the people together and said to them, Give ear, and let my words be clear to you:
 και προσκαλεσαμενος τον οχλον ειπεν αυτοις ακουετε και συνιετε
- 11 Se pa bagay ki antre nan bouch yon moun ki ka mete l' nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye. Men se sak soti nan bouch li ki ka mete l' nan kondisyon sa a.
Not that which goes into the mouth makes a man unclean, but that which comes out of the mouth.
 ου το εισερχομενον εις το στομα κοινοι τον ανθρωπον αλλα το εκπορευομενον εκ του στοματος τουτο κοινοι τον ανθρωπον
- 12 Lè sa a, disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Ou konnen farizyen yo ofiske poutèt sa ou sot di la a.
Then the disciples came and said to him, Did you see that the Pharisees were troubled when these words came to their ears?
 τότε προσελθοντες οι μαθηται αυτου ειπον αυτω οιδας οτι οι φαρισαιοι ακουσαντες τον λογον εσκανδαλισθησαν
- 13 Jezi reponn yo: Si se pa Papa m' nan syèl la ki plante yon plant, yo gen pou yo derasinen li.
But he said in answer, Every plant which my Father in heaven has not put in the earth, will be taken up by the roots.
 ο δε αποκριθεις ειπεν πασα φυτεια ην ουκ εφυτευσεν ο πατηρ μου ο ουρανιος εκριζωθησεται
- 14 Pa okipe yo! Se yon bann avèg k'ap mennen avèg parèy yo. Si yon avèg ap mennen yon lòt avèg, tou de gen pou tonbe nan menm twou a.
Let them be: they are blind guides. And if a blind man is guiding a blind man, the two will go falling into a hole together.
 αφετε αυτους οδηγοι εισιν τυφλοι τυφλων τυφλος δε τυφλον εαν οδηγη αμφοτεροι εις βοθυνον πεσουνται
- 15 Pyè pran lapawòl, li di Jezi konsa: Esplike nou parabòl sa a non.
Then Peter said to him, Make the story clear to us.
 αποκριθεις δε ο πετρος ειπεν αυτω φρασον ημιν την παραβολην ταυτην

- 16 Jezi di: Nou menm tou, nou san konprann toujou!
And he said, Are you, like them, still without wisdom?
ο δε ιησους ειπεν ακμην και υμεις ασυνετοι εστε
- 17 Nou pa konprann pawòl sa a: Tout bagay ki antre nan bouch yon moun, sa pase nan vant li. Apre sa, li soti deyò.
Do you not see that whatever goes into the mouth goes on into the stomach, and is sent out as waste?
ουπω νοειτε οτι παν το εισπορευομενον εις το στομα εις την κοιλιαν χωρει και εις αφεδρωνα εκβαλλεται
- 18 Men, bagay ki soti nan bouch yon moun, se nan kè l' sa soti. Se bagay konsa ki mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye.
But the things which come out of the mouth come from the heart; and they make a man unclean.
τα δε εκπορευομενα εκ του στοματος εκ της καρδιας εξερχεται κακεινα κοινοι τον ανθρωπον
- 19 Se nan kè l' tout move lide soti, lide touye moun, lide fè adiltè ak tout lòt bagay ki pa dakò ak volonte Bondye tankou lide vòlò, lide fè manti sou moun, lide bay manti.
For out of the heart come evil thoughts, the taking of life, broken faith between the married, unclean desires of the flesh, taking of property, false witness, bitter words:
εκ γαρ της καρδιας εξερχονται διαλογισμοι πονηροι φονοι μοιχειαι πορνειαι κλοπαι ψευδομαρτυρια βλασφημια
- 20 Se bagay sa yo ki mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye. Men, keksyon manje san lave men, jan yo di l' la, sa pa ka mete yon moun nan kondisyon pou l' pa ka sèvi Bondye.
These are the things which make a man unclean; but to take food with unwashed hands does not make a man unclean.
ταυτα εστιν τα κοινουντα τον ανθρωπον το δε ανιπτοις χερσιν φαγειν ου κοινοι τον ανθρωπον
- 21 ¶ Jezi kite kote l' te ye a, li ale nan zòn lavil Tir ak lavil Sidon.
And Jesus went away from there into the country of Tyre and Sidon.
και εξελθων εκειθεν ο ιησους ανεχωρησεν εις τα μερη τυρου και σιδωνος
- 22 Se konsa, yon fanm, moun peyi Kanaran ki t'ap viv nan zòn lan, vin jwenn li. Li pran rele: Mèt, pitit wa David la, pitye pou mwen. Pitit fi m' lan gen yon move lespri sou li k'ap fatige l' anpil.
And a woman of Canaan came out from those parts, crying and saying, Have pity on me, O Lord, Son of David; my daughter is greatly troubled with an unclean spirit.
και ιδου γυνη χαναναια απο των οριων εκεινων εξελθουσα εκραυγασεν αυτω λεγουσα ελεησον με κυριε υιε δαβιδ η θυγατηρ μου κακως δαιμονιζεται
- 23 Men, Jezi pa okipe li menm. Disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' konsa: Fè l' ale non. Paske, l'ap mache dèyè nou, l'ap plede rele nan zòrèy nou.
But he gave her no answer. And his disciples came and said to him, Send her away, for she is crying after us.
ο δε ουκ απεκριθη αυτη λογον και προσελθοντες οι μαθηται αυτου ηρωτων αυτον λεγοντες απολυσον αυτην οτι κραζει οπισθεν ημων
- 24 Jezi reponn: Se sèlman pou moun ki pèdi nan ras Izrayèl la yo voye mwen.
But he made answer and said, I was sent only to the wandering sheep of the house of Israel.
ο δε αποκριθεις ειπεν ουκ απεσταλην ει μη εις τα προβατα τα απολωλοτα οικου ισραηλ
- 25 Men, fanm lan vini, li lage kò l' nan pye Jezi, li di li konsa: Mèt, fè kichòy pou mwen non.
But she came and gave him worship, saying, Help, Lord.
η δε ελθουσα προσεκυνει αυτω λεγουσα κυριε βοηθει μοι
- 26 Jezi reponn li: Sa pa bon pou m' wete pen nan bouch timoun yo pou m' jete l' bay chen.
And he made answer and said, It is not right to take the children's bread and give it to the dogs.
ο δε αποκριθεις ειπεν ουκ εστιν καλον λαβειν τον αρτον των τεκνων και βαλειν τοις κυναριοις
- 27 Lè sa a fanm lan di li: Se vre wi, Mèt. Men, chen manje ti kal pen ki tonbe anba tab mèt li.
But she said, Yes, Lord: but even the dogs take the bits from under their masters' table.
η δε ειπεν ναι κυριε και γαρ τα κυναρια εσθιει απο των ψιχιων των πιπτοντων απο της τραπεζης των κυριων αυτων
- 28 Lè sa a, Jezi di li: Madanm. Ou gen konfyans anpil. Tout bagay ap pase pou ou jan ou vle l' la. Menm lè a, pitit fi l' la geri.
Then Jesus, answering, said to her, O woman, great is your faith: let your desire be done. And her daughter was made well from that hour.
τοτε αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτη ω γυναι μεγαλη σου η πιστις γεννηθητω σοι ως θελεις και ιαθη η θυγατηρ αυτης απο της ωρας εκεινης
- 29 ¶ Jezi kite kote l' te ye a, li mache sou bò lanmè Galile a. Li moute sou yon ti mòn, li chita la.
And Jesus went from there and came to the sea of Galilee; and he went up into the mountain, and took his seat there.
και μεταβας εκειθεν ο ιησους ηλθεν παρα την θαλασσαν της γαλιλαιας και αναβας εις το ορος εκαθητο εκει

- 30 Yon bann moun vin jwenn li. Yo mennen moun k'ap bwete, moun ki avèg, bèbè, enfim ansanm ak anpil lòt moun malad ankò. Yo mete yo nan pye Jezi. Jezi geri yo.
And there came to him great numbers of people having with them those who were broken in body, or blind, or without voice, or wounded, or ill in any way, and a number of others; they put them down at his feet and he made them well:
και προσηλθον αυτω οχλοι πολλοι εχοντες μεθ εαυτων χωλους τυφλους κωφους κυλλους και ετερους πολλους και ερριψαν αυτους παρα τους ποδας του ιησου και εθεραπευσεν αυτους
- 31 Foul moun yo te sezi anpil lè yo wè sa: bèbè yo pale, enfim yo geri, moun k'ap bwete yo mache dwat, avèg yo wè. Lè sa a, yo pran fè lwanj Bondye pèp Izrayèl la.
So that the people were full of wonder when they saw that those who had no voice were talking, the feeble were made strong, those whose bodies were broken had the power of walking, and the blind were able to see: and they gave glory to the God of Israel.
ωστε τους οχλους θαυμασαι βλεποντας κωφους λαλουντας κυλλους υγιεις χωλους περιπατουντας και τυφλους βλεποντας και εδοξασαν τον θεον ισραηλ
- 32 Jezi rele disip li yo, li di: Kè m' fè m' mal pou moun sa yo. Sa fè twa jou depi yo la avè m', yo pa gen anyen pou yo manje ankò. Mwen pa vle voye yo ale konsa san manje. Yo ka tonbe feblès nan chemen an.
And Jesus got his disciples together and said, I have pity for the people, because they have now been with me three days and have no food: and I will not send them away without food, or they will have no strength for the journey.
ο δε ιησους προσκαλεσαμενος τους μαθητας αυτου ειπεν σπλαγγιζομαι επι τον οχλον οτι ηδη ημερας τρεις προσμενουσιν μοι και ουκ εχουσιν τι φαγωσιν και απολυσαι αυτους νηστεις ου θελω μηποτ ε εκλυθωσιν εν τη οδο
- 33 Disip yo mande li: Nan dezè sa a, ki bò pou nou jwenn pen pou bay tout moun sa yo manje?
And the disciples say to him, How may we get enough bread in a waste place, to give food to such a number of people?
και λεγουσιν αυτω οι μαθηται αυτου ποθεν ημιν εν ερημια αρτοι τοσουτοι ωστε χορτασαι οχλον τοσουτον
- 34 Jezi mande yo: Konbe pen nou gen konsa? Yo reponn li: Nou gen sèt pen ak kèk ti pwason.
And Jesus says to them, How much bread have you? And they said, Seven cakes, and some small fishes.
και λεγει αυτοις ο ιησους ποσους αρτους εχετε οι δε ειπον επτα και ολιγα ιχθυδια
- 35 Lè sa a, Jezi fè foul moun yo chita atè.
Then he gave an order to the people to be seated on the earth,
και εκελευσεν τοις οχλοις αναπεσειν επι την γην
- 36 Li pran sèt pen yo ak pwason yo, li di Bondye mèsi, li kase yo an moso, li renmèt yo bay disip li yo. Disip yo menm mache bay tout moun.
And he took the seven cakes of bread and the fishes; and having given praise, he gave the broken bread to the disciples, and the disciples gave it to the people.
και λαβων τους επτα αρτους και τους ιχθυσ ευχαριστησας εκλασεν και εδωκεν τοις μαθηταις αυτου οι δε μαθηται τω οχλω
- 37 Tout moun te manje plen vant yo. Disip yo plen sèt panyen pote ale ak moso ki te rete yo.
And they all took food, and had enough; and they took up of the broken bits, seven baskets full.
και εφαγον παντες και εχορτασθησαν και ηραν το περισσευον των κλασματων επτα σπυριδας πληρεις
- 38 Te gen antou katmil (4.000) gason ki te jwenn manje pou yo manje, san konte fanm ak timoun.
And there were four thousand men who took food, together with women and children.
οι δε εσθιοντες ησαν τετρακισχιλιοι ανδρες χωρις γυναικων και παιδιων
- 39 Apre sa, Jezi voye foul moun yo ale, li menm li moute nan kannòt la, li ale nan yon peyi yo rele Magadan.
And when he had sent the people away, he got into the boat, and came into the country of Magadan.
και απολυσας τους οχλους ενεβη εις το πλοιον και ηλθεν εις τα ορια μαγδαλα
- 1 ¶ Farizyen yo ak sadiseyen yo pwoche bò kot Jezi. Yo te vle pran l' nan pèlen. Yo mande l' pou l' fè yon mirak ki pou moutre se Bondye ki ba l' tout pouvwa sa a.
And the Pharisees and Sadducees came and, testing him, made a request to him to give them a sign from heaven.
και προσελθοντες οι φαρισαιοι και σαδδουκαιοι πειραζοντες επηρωτησαν αυτον σημειον εκ του ουρανου επιδειξει αυτοις
- 2 Jezi reponn yo: Lè solèy la pral kouche, nou di: Gade jan syèl la wouj, tan an pral bèl. Nan granmaten nou di: Jòdi a l'ap fè lapli. Gade jan syèl la kouvri, li tou wouj.
But in answer he said to them, At nightfall you say, The weather will be good, for the sky is red.
ο δε αποκριθεις ειπεν αυτοις οψιας γενομενης λεγετε ευδια πυρραζει γαρ ο ουρανος
- 3 Nou konn ki sans pou nou bay bagay k'ap pase nan syèl la. Poukisa, atò, nou pa konn ki sans pou nou bay bagay k'ap pase sou latè koulye a?
And in the morning, The weather will be bad today, for the sky is red and angry. You are able to see the face of heaven, but not the signs of the times.
και πρωι σημερον χειμων πυρραζει γαρ στυγναζων ο ουρανος υποκριται το μεν προσωπον του ουρανου γινωσκετε διακρινειν τα δε σημεια των καιρων ου δυνασθε

- 4 Moun alèkile yo, atout yo mechan, atout yo vire do bay Bondye, men y'ap mande mirak! Men tou, yo p'ap jwenn lòt mirak pase mirak Jonas la. Apre sa, li vire do l', li al fè wout li.
An evil and false generation is searching after a sign; and no sign will be given to it but the sign of Jonah. And he went away from them.
γενεα πονηρα και μοιχαλις σημειον επιζητει και σημειον ου δοθησεται αυτη ει μη το σημειον ιωνα του προφητου και καταλιπων αυτους απηλθεν
- 5 ¶ Lè disip yo janbe lòt bò lanmè a, yo te bliye pote pen.
And when the disciples came to the other side they had not taken thought to get bread.
και ελθοντες οι μαθηται αυτου εις το περαν επελαθοντο αρτους λαβειν
- 6 Lè sa a, Jezi di yo: Fè atansyon, pran prekosyon nou avèk ledven farizyen yo ansanm ak ledven sadiseyen yo.
And Jesus said to them, Take care to have nothing to do with the leaven of the Pharisees and Sadducees.
ο δε ιησους ειπεν αυτοις ορατε και προσεχετε απο της ζυμης των φαρισαιων και σαδδουκαιων
- 7 Disip yo yonn t'ap di lòt: Se paske nou pa pote pen kifè l'ap di sa.
And they were reasoning among themselves, saying, We took no bread.
οι δε διελογιζοντο εν εαυτοις λεγοντες οτι αρτους ουκ ελαβομεν
- 8 Jezi vin konnen sa yo t'ap di konsa. Li mande yo: Poukisa nou yonn ap di lòt se paske nou pa pote pen kifè m'ap di sa? Ala nou manke konfyans nan Bondye!
And Jesus, seeing it, said, O you of little faith, why are you reasoning among yourselves, because you have no bread?
γνους δε ο ιησους ειπεν αυτοις τι διαλογιζεσθε εν εαυτοις ολιγοπιστοι οτι αρτους ουκ ελαβετε
- 9 Nou poko ka konprann toujou! Se bliye nou gen tan bliye lè m' te separe senk pen bay senkmil (5.000) moun lan? Nou pa chonje konbe panyen nou te pote ale?
Do you still not see, or keep in mind the five cakes of bread of the five thousand, and the number of baskets you took up?
ουπω νοειτε ουδε μνημονευετε τους πεντε αρτους των πεντακιςχιλιων και ποσους κοφινους ελαβετε
- 10 Se bliye nou gen tan bliye lè m' te separe sèt pen bay katmil (4.000) moun lan? Nou pa chonje konbe panyen nou te pote ale apre sa?
Or the seven cakes of bread of the four thousand, and the number of baskets you took up?
ουδε τους επτα αρτους των τετρακιςχιλιων και ποσας σπυριδας ελαβετε
- 11 Ki jan nou fè konprann se sou pen mwen t'ap pale nou, lè mwen di nou: pran prekosyon nou ak ledven farizyen yo ansanm ak ledven sadiseyen yo?
How is it that you do not see that I was not talking to you about bread, but about keeping away from the leaven of the Pharisees and Sadducees?
πως ου νοειτε οτι ου περι αρτου ειπον υμιν προσεχειν απο της ζυμης των φαρισαιων και σαδδουκαιων
- 12 Se lè sa a disip yo konprann li pa t' di yo pran prekosyon ak ledven yo fè pen, men ak tout bagay farizyen yo ak sadiseyen yo t'ap moutre moun.
Then they saw that it was not the leaven of bread which he had in mind, but the teaching of the Pharisees and Sadducees.
τοτε συνηκαν οτι ουκ ειπεν προσεχειν απο της ζυμης του αρτου αλλ απο της διδαχης των φαρισαιων και σαδδουκαιων
- 13 ¶ Apre sa, Jezi ale nan rejyon ki toupre lavil Sezare Filip la. Li mande disip li yo: Ki moun yo di mwen ye, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a?
Now when Jesus had come into the parts of Caesarea Philippi, he said, questioning his disciples, Who do men say that the Son of man is?
ελθων δε ο ιησους εις τα μερη καισαρειας της φιλιππου ηρωτα τους μαθητας αυτου λεγων τινα με λεγουσιν οι ανθρωποι ειναι τον υιον του ανθρωπου
- 14 Yo reponn li: Gen moun ki di se Jan Batis ou ye. Gen lòt ki di ou se Eli. Gen lòt ankò ki di ou se Jeremi osinon yonn nan pwofèt yo.
And they said, Some say, John the Baptist; some, Elijah; and others, Jeremiah, or one of the prophets.
οι δε ειπον οι μεν ιωαννην τον βαπτιστην αλλοι δε ηλιαν ετεροι δε ιερεμιαν η ενα των προφητων
- 15 Li di yo: Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye?
He says to them, But who do you say that I am?
λεγει αυτοις υμεις δε τινα με λεγετε ειναι
- 16 Simon Pyè reponn: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.
And Simon Peter made answer and said, You are the Christ, the Son of the living God.
αποκριθεις δε σιμων πετρος ειπεν συ ει ο χριστος ο υιος του θεου του ζωντος
- 17 Lè sa a, Jezi di li: Ou wè ou menm, Simon, pitit Jan an, ou se yon nonm Bondye beni. Paske, se pa moun ki fè ou konn verite sa a. Men, se Papa m' ki nan syèl la ki fè sa pou ou.
And Jesus made answer and said to him, A blessing on you, Simon Bar-jonah: because this knowledge has not come to you from flesh and blood, but from my Father in heaven.
και αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτω μακαριος ει σιμων βαρ ιωνα οτι σαρξ και αιμα ουκ απεκαλυψεν σοι αλλ ο πατηρ μου ο εν τοις ουρανοις

- 18 Mwen menm, men sa m'ap di ou: Ou se yon wòch, Pyè. Se sou wòch sa a m'ap bati legliz mwen. Ata lanmò p'ap kapab fè l' anyen.
And I say to you that you are Peter, and on this rock will my church be based, and the doors of hell will not overcome it.
 καγω δε σοι λεγω οτι συ ει πετρος και επι ταυτη τη πετρα οικοδομησω μου την εκκλησιαν και πυλαι αδου ου κατασχουσιν αυτης
- 19 M'ap ba ou kle Peyi Wa ki nan syèl la. Tou sa ou va defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. Tou sa ou va pèmèt moun fè sou latè, y'a kapab fè l' nan syèl la tou.
I will give to you the keys of the kingdom of heaven: and whatever is fixed by you on earth will be fixed in heaven: and whatever you make free on earth will be made free in heaven.
 και δωσω σοι τας κλεις της βασιλειας των ουρανων και ο εαν δησης επι της γης εσται δεδεμενον εν τοις ουρανοις και ο εαν λυσης επι της γης εσται λελυμενον εν τοις ουρανοις
- 20 Apre sa, li bay disip li yo lòd pou yo pa di pesonn se Kris la li ye.
Then he gave orders to the disciples to give no man word that he was the Christ.
 τοτε διεστειλατο τοις μαθηταις αυτου ινα μηδενι ειπωσιν οτι αυτος εστιν ιησους ο χριστος
- 21 ¶ Depi lè sa a, Jezi kòmanse pale akèl ak disip li yo, li di: Fòk mwen moute lavil Jerizalèm. Fòk mwen soufri anpil nan men chèf fanmi yo, nan men chèf prèt yo, nan men dirèktè lalwa yo. Y'ap fè yo touye mwen. Men, sou twa jou, mwen gen pou m' leve sofì vivan nan lanmò.
From that time Jesus went on to make clear to his disciples how he would have to go up to Jerusalem, and undergo much at the hands of those in authority and the chief priests and scribes, and be put to death, and the third day come again from the dead.
 απο τοτε ηρξατο ο ιησους δεικνυειν τοις μαθηταις αυτου οτι δει αυτον απελθειν εις ιεροσολυμα και πολλα παθειν απο των πρεσβυτερων και αρχιερων και γραμματεων και αποκτανθηαι και τη τριτη ημερα εγερθηαι
- 22 Lè sa a, Pyè rele Jezi sou kote, li di l' konsa: Mande Bondye padon, Mèt! Sa p'ap rive ou.
And Peter, protesting, said to him, Be it far from you, Lord; it is impossible that this will come about.
 και προσλαβομενος αυτον ο πετρος ηρξατο επιτιμαν αυτω λεγων ιλεως σοι κυριε ου μη εσται σοι τουτο
- 23 Men, Jezi vire tèt li, li di Pyè konsa: Wete kò ou sou mwen, Satan. W'ap chache fè m' tonbe. Lide ou pa sou sa Bondye vle, men sou sa lèzòm ta vle.
But he, turning to Peter, said, Get out of my way, Satan: you are a danger to me because your mind is not on the things of God, but on the things of men.
 ο δε στραφεις ειπεν τω πετρω υπαγε οπισω μου σατανα σκανδαλον μου ει οτι ου φρονεις τα του θεου αλλα τα των ανθρωπων
- 24 ¶ Apre sa, Jezi di disip li yo: Si yon moun vle mache dèyè m', se pou li bliye tèt li. Se pou l' chaje kwa l' sou zepòl li, epi swiv mwen.
Then Jesus said to his disciples, If any man would come after me, let him give up all, and take up his cross, and come after me.
 τοτε ο ιησους ειπεν τοις μαθηταις αυτου ει τις θελει οπισω μου ελθειν απαρνησασθω εαυτον και αρατω τον σταυρον αυτου και ακολουθειτω μοι
- 25 Paske, moun ki ta vle sove lavi l' va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l' poutèt mwen, li va jwenn li ankò.
Because whoever has a desire to keep his life safe will have it taken from him; but whoever gives up his life because of me, will have it given back to him.
 ος γαρ αν θελη την ψυχην αυτου σωσαι απολεσει αυτην ος δ αν απολεση την ψυχην αυτου ενεκεν εμου ευρησει αυτην
- 26 Kisa sa ta sèvi yon moun pou l' ta genyen lemonn antye si l' pèdi lavi li? Kisa yon moun kapab bay pou l' gen lavi?
For what profit has a man, if he gets all the world with the loss of his life? or what will a man give in exchange for his life?
 τι γαρ ωφελειται ανθρωπος εαν τον κοσμον ολον κερδηση την δε ψυχην αυτου ζημιωθη η τι δωσει ανθρωπος ανταλλαγμα της ψυχης αυτου
- 27 Konprann sa byen, Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' tounen ak zanj li yo, nan tout bèl pouvwa Papa l' la. Lè sa a, li va bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.
For the Son of man will come in the glory of his Father with his angels; and then he will give to every man the reward of his works.
 μελλει γαρ ο υιος του ανθρωπου ερχεσθαι εν τη δοξη του πατρος αυτου μετα των αγγελων αυτου και τοτε αποδωσει εκαστω κατα την πραξιν αυτου
- 28 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Nan moun ki la koulye a, gen ladan yo ki p'ap gen tan mouri san yo pa wè Moun Bondye voye nan lachè a tounen tankou yon wa k'ap gouvènen.
Truly I say to you, There are some of those here who will not have a taste of death, till they see the Son of man coming in his kingdom.
 αμην λεγω υμιν εισιν τινες των ωδε εστηκοτων ουτινες ου μη γευσωνται θανατου εως αν ιδωσιν τον υιον του ανθρωπου ερχομενον εν τη βασιλεια αυτου
- 1 ¶ Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan, frè Jak la, li mennen yo pou kont yo sou tèt yon mòn byen wo.
And after six days Jesus takes with him Peter, and James, and John, his brother, and makes them go up with him into a high mountain by themselves.
 και μεθ ημερας εξ παραλαμβανει ο ιησους τον πετρον και ιακωβον και ιωαννην τον αδελφον αυτου και αναφερει αυτους εις ορος υψηλον κατ ιδιαν
- 2 Antan Jezi te la, li pran chanje devan yo. Figi l' vin klere tankou solèy la. Rad li vin blan tankou yon limyè.
And he was changed in form before them; and his face was shining like the sun, and his clothing became white as light.
 και μετεμορφωθη εμπροσθεν αυτων και ελαμψεν το προσωπον αυτου ως ο ηλιος τα δε ιματια αυτου εγενετο λευκα ως το φως

- 3 Twa disip yo wè Moyiz ak Eli parèt, yo t'ap pale ak Jezi.
And Moses and Elijah came before their eyes, talking with him.
και ιδου ωφθησαν αυτοις μωσης και ηλιας μετ αυτου συλλαλουντες
- 4 Lè sa a, Pyè pran lapawòl, li di Jezi konsa: Met, sa bon nèt pou nou isit la. Si ou vle, m'ap moute twa ti kay, yonn pou ou, yonn pou Moyiz ak yonn pou Eli.
And Peter made answer and said to Jesus, Lord, it is good for us to be here: if you will let me, I will make here three tents, one for you, and one for Moses, and one for Elijah.
αποκριθεις δε ο πετρος ειπεν τω ιησου κυριε καλον εστιν ημας ωδε ειναι ει θελεις ποιησωμεν ωδε τρεις σκηνας σοι μιαν και μωση μιαν και μιαν ηλια
- 5 Antan Pyè t'ap pale toujou, yon nwaj byen klere vin kouvri yo. Yo tande yon vwa soti nan nwaj la, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil. Koute li.
While he was still talking, a bright cloud came over them: and a voice out of the cloud, saying, This is my dearly loved Son, with whom I am well pleased; give ear to him.
ετι αυτου λαλουντος ιδου νεφελη φωτεινη επεσκιασεν αυτους και ιδου φωνη εκ της νεφελης λεγουσα ουτος εστιν ο υιος μου ο αγαπητος εν ω ευδοκησα αυτου ακουετε
- 6 Lè disip yo tande vwa a yo tonbe fas atè tèlman yo te pè.
And at these words the disciples went down on their faces in great fear.
και ακουσαντες οι μαθηται επεσον επι προσωπον αυτων και εφοβηθησαν σφοδρα
- 7 Men, Jezi pwoche bò kote yo, li manyen yo, li di: Leve non, nou pa bezwen pè.
And Jesus came and put his hand on them and said, Get up and have no fear.
και προσελθων ο ιησους ηψατο αυτων και ειπεν εγερθητε και μη φοβεισθε
- 8 Yo leve je yo, yo wè Jezi te pou kont li.
And lifting up their eyes, they saw no one, but Jesus only.
επαραντες δε τους οφθαλμους αυτων ουδενα ειδον ει μη τον ιησουν μονον
- 9 Antan yo t'ap desann mòn lan, Jezi ba yo lòd sa a: Pa pale ak pesonn sou sa nou sot wè a, jouk mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, m'a leve soti vivan nan lanmò.
And when they were coming down from the mountain, Jesus gave them orders, saying, Let no man have word of what you have seen, till the Son of man has come again from the dead.
και καταβαινοντων αυτων απο του ορους εντειλατο αυτοις ο ιησους λεγων μηδενι ειπητε το οραμα εως ου ο υιος του ανθρωπου εκ νεκρων αναστη
- 10 Twa disip yo poze l' keksyon sa a: Poukisa dirèktè lalwa yo di se pou Eli vin anvan?
And his disciples, questioning him, said, Why then do the scribes say that Elijah has to come first?
και επηρωτησαν αυτον οι μαθηται αυτου λεγοντες τι ουν οι γραμματαις λεγουσιν οτι ηλιαν δει ελθειν πρωτον
- 11 Jezi reponn yo: Se vre. Eli gen pou l' vin anvan, pou l' mete tout bagay nan lòd.
And in answer he said, Elijah truly has to come and put all things right:
ο δε ιησους αποκριθεις ειπεν αυτοις ηλιας μεν ερχεται πρωτον και αποκαταστησει παντα
- 12 Men, m'ap di nou sa: Eli vin deja. Men, yo pa t' rekonèt li, yo fè l' tou sa yo te vle. Se onsa tou, yo gen pou yo maltrete Moun Bondye voye nan lachè a.
But I say to you that Elijah has come, and they had no knowledge of him, but did to him whatever they were pleased to do; the same will the Son of man undergo at their hands.
λεγω δε υμιν οτι ηλιας ηδη ηλθεν και ουκ επεγνωσαν αυτον αλλ. εποιησαν εν αυτω οσα ηθελησαν ουτως και ο υιος του ανθρωπου μελλει πασχειν υπ αυτων
- 13 Lè sa a, disip yo vin konprann li t'ap pale yo sou Jan Batis.
Then the disciples saw that he was talking to them of John the Baptist.
τοτε συνηκαν οι μαθηται οτι περι ιωαννου του βαπτιστου ειπεν αυτοις
- 14 ¶ Lè yo rive kote foul moun yo, yon nonm pwoche bò kot Jezi, li lage kò l' ajenou devan l', li di:
And when they came to the people, a man went down on his knees to him, saying,
και ελθοντων αυτων προς τον οχλον προσηλθεν αυτω ανθρωπος γονυπετων αυτω
- 15 Mèt, gen pitye pou pitit gason m' lan. Li gen malkadi. Lè ou tande kriz la pran l' konsa, anpil fwa li tonbe nan dife osinon nan dlo.
Lord have mercy on my son: for he is off his head, and is in great pain; and frequently he goes falling into the fire, and frequently into the water.
και λεγων κυριε ελεησον μου τον υιον οτι σεληνιαζεται και κακος πασχει πολλακις γαρ πιπτει εις το πυρ και πολλακις εις το υδωρ
- 16 Mwen mennen l' bay disip ou yo, men yo pa t' kapab geri li.
And I took him to your disciples, and they were not able to make him well.
και προσηνεγκα αυτον τοις μαθηταις σου και ουκ ηδυνηθησαν αυτον θεραπευσαι

- 17 Jezi reponn: Ala moun san konfyans nan Bondye! Ala move moun! Joux kilè pou m' rete nan mitan nou? Joux kilè pou m' sipòte nou? Mennen ti gason an isit ban mwen.
And Jesus, answering, said, O false and foolish generation, how long will I be with you? how long will I put up with you? let him come here to me.
 αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν ω γενεα απιστος και διεστραμμενη εως ποτε εσομαι μεθ υμων εως ποτε ανεξομαι υμων φερετε μοι αυτον ωδε
- 18 Jezi pale sevè ak move lespri a. Lespri a soti. Menm lè a, ti nonm lan geri.
And Jesus gave orders to the unclean spirit, and it went out of him: and the boy was made well from that hour.
 και επιτημησεν αυτω ο ιησους και εξηλθεν απ αυτου το δαιμονιον και εθεραπευθη ο παις απο της ωρας εκεινης
- 19 Apre sa, disip yo pwoche bò kot Jezi, yo mande l' apa: Poukisa nou pa t' kapab chase move lespri sa a?
Then the disciples came to Jesus privately, and said, Why were we not able to send it out?
 τοτε προσελθοντες οι μαθηται τω ιησου κατ ιδιαν ειπον διατι ημεις ουκ ηδυνηθημεν εκβαλειν αυτο
- 20 Jezi di yo: Se paske nou manke konfyans nan Bondye. Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si nou te gen konfyans nan Bondye gwosè yon ti grenn moutad, nou ta di ti mòn sa a: wete kò ou la, al laba, li ta chanje plas. Pa gen anyen nou pa ta kapab fè.
And he says to them, Because of your little faith: for truly I say to you, If you have faith as a grain of mustard seed, you will say to this mountain, Be moved from this place to that; and it will be moved; and nothing will be impossible to you.
 ο δε ιησους ειπεν αυτοις δια την απιστιαν υμων αμην γαρ λεγω υμιν εαν εχητε πιστιν ως κοκκον σιναπεως ερειτε τω ορει τουτω μεταβηθι εντευθεν εκει και μεταβησεται και ουδεν αδυνατησει υμιν
- 21 Men, kalite lespri sa yo, se fòs lapriyè ak jèn ki pou fè yo soti.
 []
 τουτο δε το γενοσ ουκ εκπορευεται ει μη εν προσευχη και νηστεια
- 22 ¶ Yon jou, antan tout disip yo te la ansanm nan peyi Galile, Jezi di yo: Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pou m' tonbe anba men lèzòm.
And while they were going about in Galilee, Jesus said to them, The Son of man will be given up into the hands of men;
 αναστρεφομενων δε αυτων εν τη γαλιλαια ειπεν αυτοις ο ιησους μελλει ο υιος του ανθρωπου παραδιδωσθαι εις χειρας ανθρωπων
- 23 Yo pral touye m', men sou twa jou, m'ap leve soti vivan nan lanmò. Sa te fè disip yo lapenn anpil.
And they will put him to death, and the third day he will come again from the dead. And they were very sad.
 και αποκτενουσιν αυτον και τη τριτη ημερα εγερθησεται και ελυπηθησαν σφοδρα
- 24 ¶ Lè Jezi rive Kapènawòm ak disip li yo, moun ki t'ap ranmase lajan taks pou tanp lan pwoche bò kot Pyè, yo mande li: Eske mèt ou a peye lajan taks pou tanp lan?
And when they had come to Capernaum, those who took the Temple tax came to Peter and said, Does not your master make payment of the Temple tax?
 ελθοντων δε αυτων εις καπερναουμ προσηλθον οι τα διδραχμα λαμβανοντες τω πετρω και ειπον ο διδασκαλος υμων ου τελει τα διδραχμα
- 25 Pyè di: Li peye wi. Antan Pyè ap antre nan kay la, anvan li louvri bouch li, Jezi di l': Sa ou konprann nan sa, Simon? Ki moun ki gen pou peye dwa ak taks bay leta? Sitwayen peyi a, osinon etranje?
He says, Yes. And when he came into the house, Jesus said to him, What is your opinion, Simon? from whom do the kings of the earth get payment or tax? from their sons or from other people?
 λεγει ναι και οτε εισηλθεν εις την οικιαν προσεφασεν αυτον ο ιησους λεγων τι σοι δοκει σιμων οι βασιλεις της γης απο των υμων λαμβανουσιν τελη η κηνσον απο των υιων αυτων η απο των αλλοτριων
- 26 Jezi reponn li: Etranje yo. Lè sa a, Jezi di li: Si se konsa, sitwayen yo egzan.
And when he said, From other people, Jesus said to him, Then are the sons free.
 λεγει αυτω ο πετρος απο των αλλοτριων εφη αυτω ο ιησους αραγε ελευθεροι εισιν οι υιοι
- 27 Men, nou pa vle bay move egzanp: Ale bò lanmè a, voye yon zen nan dlo a. Rale premye pwason ki va mòde ladan l' lan. Louvri bouch li, wa jwenn yon pyès lajan, mezi pou peye taks pa m' ak taks pa ou. Pran l', al peye pou nou de.
But, so that we may not be a cause of trouble to them, go to the sea, and let down a hook, and take the first fish which comes up; and in his mouth you will see a bit of money: take that, and give it to them for me and you.
 ινα δε μη σκανδαλισωμεν αυτους πορευθεις εις την θαλασσαν βαλε αγκιστρον και τον αναβαντα πρωτον ιχθυον αρων και ανοιξας το στομα αυτου ευρησεις στατηρα εκεινον λαβωνδος αυτοις αντι εμου και σου
- 1 ¶ Lè sa a, disip yo pwoche bò kote Jezi, yo mande li: Ki moun ki pi grannèg nan Peyi Wa ki nan syèl la?
In that hour the disciples came to Jesus, saying, Who is greatest in the kingdom of heaven?
 εν εκεινη τη ωρα προσηλθον οι μαθηται τω ιησου λεγοντες τις αρα μειζων εστιν εν τη βασιλεια των ουρανων
- 2 Jezi rele yon timoun, li mete l' nan mitan yo.
And he took a little child, and put him in the middle of them,
 και προσκαλεσαμενος ο ιησους παιδιον εστησεν αυτο εν μεσω αυτων

- 3 Li di: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si nou pa chanje, si nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou p'ap janm ka mete pye nou nan Peyi Wa ki nan syèl la.
And said, Truly, I say to you, If you do not have a change of heart and become like little children, you will not go into the kingdom of heaven.
και ειπεν αμην λεγω υμιν εαν μη στραφητε και γενησθε ως τα παιδια ου μη εισελθητε εις την βασιλειαν των ουρανων
- 4 Se poutèt sa, moun ki va soumèt tèt li devan Bondye, ki va tounen tankou timoun sa a, se li ki va pi grannèg nan Peyi Wa ki nan syèl la.
Whoever, then, will make himself as low as this little child, the same is the greatest in the kingdom of heaven.
οστις ουν ταπεινωση εαυτον ως το παιδιον τουτου ουτος εστιν ο μειζων εν τη βασιλεια των ουρανων
- 5 Nenpòt moun ki resevwa yon timoun tankou timoun sa a, se mwen menm li resevwa.
And whoever gives honour to one such little child in my name, gives honour to me:
και ος εαν δεξηται παιδιον τοιουτου εν επι τω ονοματι μου εμε δεχεται
- 6 Kanta moun ki fè yonn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen tonbe nan peche, li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moulen nan kou l' voye l' jete nan fon lanmè.
But whoever is a cause of trouble to one of these little ones who have faith in me, it would be better for him to have a great stone fixed to his neck, and to come to his end in the deep sea.
ος δ αν σκανδαλιση ενα των μικρων τουτων των πιστευοντων εις εμε συμφερει αυτω ινα κρεμασθη μυλος ονικος επι τον τραχηλον αυτου και καταποντισθη εν τω πελαγει της θαλασσης
- 7 ¶ Ala yon lapenn pou lèzòm! Pa manke bagay ki pou fè yo tonbe nan peche! Wi! se vre, bagay sa yo ap toujou la. Men, malè pou moun ki lakòz bagay sa yo rive!
A curse is on the earth because of trouble! for it is necessary for trouble to come; but unhappy is that man through whom the trouble comes.
ουαι τω κοσμο απο των σκανδαλων αναγκη γαρ εστιν ελθειν τα σκανδαλα πλην ουαι τω ανθρωπω εκεινω δι ου το σκανδαλον ερχεται
- 8 Si se men ou osinon pye ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l' voye jete byen lwen ou. Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl men osinon ak yon sèl pye, pase pou ou rete ak de men ou osinon ak de pye ou, epi pou yo jete ou nan dife ki p'ap janm fini an.
And if your hand or your foot is a cause of trouble, let it be cut off and put it away from you: it is better for you to go into life with the loss of a hand or a foot than, having two hands or two feet, to go into the eternal fire.
ει δε η χειρ σου η ο πους σου σκανδαλιζει σε εκκοψον αυτα και βαλε απο σου καλον σοι εστιν εισελθειν εις την ζωην χωλον η κυλλον η δυο χειρας η δυο ποδας εχοντα βληθηναι εις το πυρ το αιωνιον
- 9 Si se je ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, rache li voye jete byen lwen ou. Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl grenn je, pase pou ou rete ak tou de je ou epi pou yo jete ou nan dife lanfè a.
And if your eye is a cause of trouble to you, take it out, and put it away from you: it is better for you to go into life with one eye than, having two eyes, to go into the hell of fire.
και ει ο οφθαλμος σου σκανδαλιζει σε εξελε αυτον και βαλε απο σου καλον σοι εστιν μονοφθαλμον εις την ζωην εισελθειν η δυο οφθαλμους εχοντα βληθηναι εις την γεενναν του πυρος
- 10 Atansyon: Piga nou meprize yon sèl nan ti piti sa yo. Paske m'ap di nou sa: zanj gadyen yo ki nan syèl la, se tout tan yo la devan Papa m' ki nan syèl la.
Let it not seem to you that one of these little ones is of no value; for I say to you that in heaven their angels see at all times the face of my Father in heaven.
ορατε μη καταφρονησητε ενος των μικρων τουτων λεγω γαρ υμιν οτι οι αγγελοι αυτων εν ουρανοις δια παντος βλεπουσιν το προσωπον του πατρος μου του εν ουρανοις
- 11 Paske, Moun Bondye voye nan lachè a vin delivre sa ki te pèdi.
[]
ηλθεν γαρ ο υιος του ανθρωπου σωσαι το απολωλος
- 12 Sa nou konprann nan sa? Si yon nonm gen san mouton, epi li rete konsa li pa wè yonn ladan yo, èske li p'ap kite katrevendiznèf lòt yo sou mòn lan, pou li ale chache mouton ki pèdi a?
What would you say now? if a man has a hundred sheep, and one of them has gone wandering away, will he not let the ninety-nine be, and go to the mountains in search of the wandering one?
τι υμιν δοκει εαν γενηται τινι ανθρωπω εκατον προβατα και πλανηθη εν εξ αυτων ουχι αφεις τα εννενηκονταεννεα επι τα ορη πορευθεις ζητει το πλανωμενον
- 13 Si l' rive jwenn li menm, se vre wi, sa m'ap di nou la a, l'ap pi kontan pou mouton sa a pase pou katrevendiznèf lòt yo ki pa t' pèdi.
And if he comes across it, truly I say to you, he has more joy over it than over the ninety-nine which have not gone out of the way.
και εαν γενηται ευρειν αυτω αμην λεγω υμιν οτι χειρει επ αυτω μαλλον η επι τοις εννενηκονταεννεα τοις μη πεπλανημενοις
- 14 Konsa tou, Papa nou ki nan syèl la pa ta renmen wè yon sèl nan ti piti sa yo rive pèdi.
Even so it is not the pleasure of your Father in heaven for one of these little ones to come to destruction.
ουτως ουκ εστιν θελημα εμπροσθεν του πατρος υμων του εν ουρανοις ινα αποληται εις των μικρων τουτων
- 15 ¶ Si frè ou fè ou yon bagay ki mal, ale jwenn li, rele l' apa. Fè l' wè sa li fè a mal. Si li koute ou, se mete wa mete frè ou ankò sou bon chemen.
And if your brother does wrong to you, go, make clear to him his error between you and him in private: if he gives ear to you, you have got your brother back again.
εαν δε αμαρτηση εις σε ο αδελφος σου υπαγε και ελεγξον αυτον μεταξυ σου και αυτου μονου εαν σου ακουση εκερδησας τον αδελφον σου

- 16 Men, si li pa vle koute ou, pran yonn osinon de lòt moun avè ou. Konsa, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen.
But if he will not give ear to you, take with you one or two more, that by the lips of two or three witnesses every word may be made certain.
εαν δε μη ακουση παραλαβε μετα σου ετι ενα η δυο ινα επι στοματος δυο μαρτυρων η τριων σταθη παν ρημα
- 17 Si l' refize koute yo tou, lè sa a wa di legliz la sa. Si l' refize koute legliz la, ou mèt gade l' tankou yon etranje pou ou, tankou yon pèseptè kontribisyon.
And if he will not give ear to them, let it come to the hearing of the church: and if he will not give ear to the church, let him be to you as a Gentile and a tax-farmer.
εαν δε παρακουση αυτων ειπε τη εκκλησια εαν δε και της εκκλησιας παρακουση εστω σοι ωσπερ ο εθνικος και ο τελωνης
- 18 Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Tou sa n'a defann moun fè sou latè, yo p'ap kapab fè l' nan syèl la non plis. Tou sa n'a pèmèt moun fè sou latè, y'a kapab fè l' nan syèl la tou.
Truly I say to you, Whatever things are fixed by you on earth will be fixed in heaven: and whatever you make free on earth will be made free in heaven.
αμην λεγω υμιν οσα εαν δησητε επι της γης εσται δεδεμενα εν τω ουρανω και οσα εαν λυσητε επι της γης εσται λελυμενα εν τω ουρανω
- 19 Men sa m'ap di nou ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va ba yo li.
Again, I say to you, that if two of you are in agreement on earth about anything for which they will make a request, it will be done for them by my Father in heaven.
παλιν λεγω υμιν οτι εαν δυο υμων συμφωνησωσιν επι της γης περι παντος πραγματος ου εαν αιτησονται γενησεται αυτοις παρα του πατρος μου του εν ουρανοις
- 20 Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo.
For where two or three are come together in my name, there am I among them.
ου γαρ εισιν δυο η τρεις συνηγμενοι εις το εμον ονομα εκει εμι εν μεσω αυτων
- 21 ¶ Lè sa a, Pyè pwoche bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, konbe fwa pou m' padonnen frè m' lè li fè m' yon bagay mal? Sèt fwa konsa?
Then Peter came and said to him, Lord, what number of times may my brother do wrong against me, and I give him forgiveness? till seven times?
τοτε προσελθων αυτω ο πετρος ειπεν κυριε ποσακις αμαρτησει εις εμε ο αδελφος μου και αφησω αυτω εως επτακις
- 22 Jezi reponn li: Non, Pyè. Mwen pa di ou padonnen l' sèt fwa, men padonnen l' swasanndis fwa sèt fwa.
Jesus says to him, I say not to you, Till seven times; but, Till seventy times seven.
λεγει αυτω ο ιησους ου λεγω σοι εως επτακις αλλ εως εβδομηκοντακις επτα
- 23 Men ki jan sa ap pase nan Peyi Wa ki nan syèl la: Se tankou yon wa ki te vle fè regleman ak domestik li yo.
For this reason the kingdom of heaven is like a king, who went over his accounts with his servants.
δια τουτο ωμοιωθη η βασιλεια των ουρανων ανθρωπω βασιλει ος ηθελησεν συναραι λογον μετα των δουλων αυτου
- 24 Li te fèk kòmanse fè regleman an lè yo mennen yonn ba li ki te dwe l' senkantmil (50.000) goud.
And at the start, one came to him who was in his debt for ten thousand talents.
αρξαμενου δε αυτου συναιρειν προσηνεχθη αυτω εις οφειλετης μυριων ταλαντων
- 25 Men, nonm lan pa t' gen dekwa peye tout lajan sa a. Mèt la bay lòd pou yo vann li tankou esklav, li menm, madanm li, pitit li yo ansanm ak tou sa l' te genyen, pou peye dèt la.
And because he was not able to make payment, his lord gave orders for him, and his wife, and his sons and daughters, and all he had, to be given for money, and payment to be made.
μη εχοντος δε αυτου αποδουναι εκελευσεν αυτον ο κυριος αυτου πραθηναι και την γυναικα αυτου και τα τεκνα και παντα οσα ειχεν και αποδοθηναι
- 26 Domestik la tonbe ajenou devan mèt la, li di li: Mèt, tanpri souple, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou tout lajan an.
So the servant went down on his face and gave him worship, saying, Lord, give me time to make payment and I will give you all.
πεσων ουν ο δουλος προσεκυνει αυτω λεγων κυριε μακροθυμησον επ εμοι και παντα σοι αποδωσω
- 27 Kè mèt domestik la fè l' mal, li kite lajan an la pou li, li kite l' ale.
And the lord of that servant, being moved with pity, let him go, and made him free of the debt.
σπλαγχισθεις δε ο κυριος του δουλου εκεινου απελυσεν αυτον και το δανειον αφηκεν αυτω
- 28 Lè domestik la soti, li kontre ak yon kanmarad ki te dwe l' san (100) goud. Li kenbe l', li pran trangle l', li di li: Peye m' sa ou dwe m' lan.
But that servant went out, and meeting one of the other servants, who was in debt to him for one hundred pence, he took him by the throat, saying, Make payment of your debt.
εξελθων δε ο δουλος εκεινος ευρεν ενα των συνδουλων αυτου ος οφειλεν αυτω εκατον δηναρια και κρατησας αυτον επνιγεν λεγων αποδος μοι ο τι οφειλεις
- 29 Kanmarad la lage kò l' atè, li di lòt la: Tanpri, pran yon ti pasyans pou mwen, m'a peye ou.
So that servant went down on his face, requesting him and saying, Give me time and I will make payment to you.
πεσων ουν ο συνδουλος αυτου εις τους ποδας αυτου παρεκαλει αυτον λεγων μακροθυμησον επ εμοι και παντα αποδωσω σοι

- 30 Men, lòt la pa tandè. Li fè mete kanmarad la nan prizon, pou jouk lè li fin peye sa li dwe a.
 And he would not: but went and put him into prison till he had made payment of the debt.
 ο δε ουκ ηθελεν αλλα απελθων εβαλεν αυτον εις φυλακην εως ου αποδω το οφειλομενον
- 31 Lè lòt domestik yo wè sak te rive, sa te fè yo mal anpil. Y al rakonte mèt la sak te pase.
 So when the other servants saw what was done they were very sad, and came and gave word to their lord of what had been done.
 ιδοντες δε οι συνδουλοι αυτου τα γενομενα ελπηθησαν σφοδρα και ελθοντες διεσαφησαν τω κυριω αυτων παντα τα γενομενα
- 32 Lè sa a, mèt la fè rele domestik la. Li di l' konsa: Gade jan ou mechan! Mwen kite tout lajan sa a pou ou paske ou te mande m' fè sa pou ou.
 Then his lord sent for him and said, You evil servant; I made you free of all that debt, because of your request to me:
 τότε προσκαλεσαμενος αυτον ο κυριος αυτου λεγει αυτω δουλε πονηρε πασαν την οφειλην εκεινην αφηκα σοι επει παρακαλεσας με
- 33 Ou te dwe gen pitye pou kanmarad ou a menm jan mwen te gen pitye pou ou a.
 Was it not right for you to have mercy on the other servant, even as I had mercy on you?
 ουκ εδει και σε ελεησαι τον συνδουλον σου ως και εγω σε ηλεησα
- 34 Mèt la fè gwo kòlè, li fè mete msye nan prizon pou yo bat li jouk lè li fin peye tou sa l' te dwe a.
 And his lord was very angry, and put him in the hands of those who would give him punishment till he made payment of all the debt.
 και οργισθεις ο κυριος αυτου παρεδωκεν αυτον τοις βασανισταις εως ου αποδω παν το οφειλομενον αυτω
- 35 Se konsa Papa m' ki anwo nan syèl la va aji ak nou, si nou pa padonnen frè nou yo ak tout kè nou.
 So will my Father in heaven do to you, if you do not everyone, from your hearts, give forgiveness to his brother.
 ουτως και ο πατηρ μου ο επουρασιος ποιησει υμιν εαν μη αφητε εκαστος τω αδελφω αυτου απο των καρδιων υμων τα παραπτωματα αυτων
- 1 ¶ Lè Jezi fin di pawòl sa yo, li kite peyi Galile a, li ale nan zòn peyi Jide ki lòt bò larivyè Jouden an.
 And it came about that after saying these words, Jesus went away from Galilee, and came into the parts of Judaea on the other side of Jordan.
 και εγενετο οτε ετελεσεν ο ιησους τους λογους τουτους μετρηεν απο της γαλιλαιας και ηλθεν εις τα ορια της ιουδαιας περαν του ιορδανου
- 2 Yon gwo foul moun t'ap swiv li. Lè l' rive, li geri malad yo.
 And a great number went after him; and he made them well there.
 και ηκολουθησαν αυτω οχλοι πολλοι και εθεραπευσεν αυτους εκει
- 3 ¶ Kèk farizyen pwoche bò kot Jezi pou yo wè si yo te ka pran l' nan pèlen. Yo mande li: Eske lalwa nou pèmèt yon nonm kite ak madanm li pou nenpòt ki kòz?
 And certain Pharisees came to him, testing him, and saying, Is it right for a man to put away his wife for every cause?
 και προσηλθον αυτω οι φαρισαιοι πειραζοντες αυτον και λεγοντες αυτω ει εξεστιν ανθρωπω απολυσαι την γυναικα αυτου κατα πασαν αιτιαν
- 4 Jezi reponn yo: Eske nou pa li sa ki ekri nan Liv la? Nan konmansman, lè Bondye t'ap fè moun, li te fè yo gason ak fi.
 And he said in answer, Have you not seen in the Writings, that he who made them at the first made them male and female, and said,
 ο δε αποκριθεις ειπεν αυτοις ουκ ανεγνωτε οτι ο ποιησας απ αρχης αρσεν και θηλυ εποιησεν αυτους
- 5 Apre sa li di: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè yon sèl kò.
 For this cause will a man go away from his father and mother, and be joined to his wife; and the two will become one flesh?
 και ειπεν ενεκεν τουτου καταλειπει ανθρωπος τον πατερα και την μητερα και προσκολληθησεται τη γυναικα αυτου και εσονται οι δυο εις σαρκα μιαν
- 6 Konsa, yo pa de ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pesonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm.
 So that they are no longer two, but one flesh. Then let not that which has been joined by God be parted by man.
 ωστε ουκετι εισιν δυο αλλα σαρξ μια ο ουν ο θεος συνεζευξεν ανθρωπος μη χωριζετω
- 7 Farizyen yo di li: Bon, poukisa Moyiz te bay lòd pou yon nonm ekri yon papye divòs voye bay madanm li, anvan pou l' kite avè li?
 They say to him, Why then did Moses give orders that a husband might give her a statement in writing and be free from her?
 λεγουσιν αυτω τι ουν μοyses ενετειλατο δουναι βιβλιον αποστασιου και απολυσαι αυτην
- 8 Jezi reponn yo: Se paske nou gen tèt di kifè Moyiz te ban nou dwa kite ak madanm nou. Men, nan konmansman se pa t' konsa.
 He says to them, Moses, because of your hard hearts, let you put away your wives: but it has not been so from the first.
 λεγει αυτοις οτι μοyses προς την σκληροκαρδιαν υμων επετρεψεν υμιν απολυσαι τας γυναικας υμων απ αρχης δε ου γεγονεν ουτως

- 9 Mwen menm, men sa m'ap di nou: Lè yon nonm kite ak madanm li pou l' al marye ak yon lòt, li fè adiltè, esepite si se pou lenkondite li ta kite ake madanm lan.
And I say to you, Whoever puts away his wife for any other cause than the loss of her virtue, and takes another, is a false husband: and he who takes her as his wife when she is put away, is no true husband to her.
λεγω δε υμιν οτι ος αν απολυση την γυναικα αυτου ει μη επι πορνεια και γαμηση αλλην μοιχεται και ο απολελυμενην γαμησας μοιχεται
- 10 Disip li yo di li: Si se konsa bagay la ye pou yon nonm ak madanm li, pito yon nonm pa marye.
The disciples say to him, If this is the position of a man in relation to his wife, it is better not to be married.
λεγουσιν αυτω οι μαθηται αυτου ει ουτως εστιν η αιτια του ανθρωπου μετα της γυναικος ου συμφερει γαμησαι
- 11 Jezi reponn yo: Se pa tout moun ki asepte pawòl sa a. Se sèlman moun Bondye bay pouwva pou sa.
But he said to them, Not all men are able to take in this saying, but only those to whom it is given.
ο δε ειπεν αυτοις ου παντες χωρουσιν τον λογον τουτον αλλ οις δεδοται
- 12 Paske, gen anpil rezon ki ka enpoze yon nonm marye. Genyen ki fèt tou konsa: yo pa ka marye. Gen lòt, se moun ki mete yo nan eta sa a pou yo pa ka marye. Gen lòt ankò ki pa marye poutèt Peyi Wa ki nan syèl la. Si yon moun ka asepte pawòl sa a, se pou l' asepte li.
For there are men who, from birth, were without sex: and there are some who were made so by men: and there are others who have made themselves so for the kingdom of heaven. He who is able to take it, let him take it.
εισιν γαρ ευνουχοι οιτινες εκ κοιλιας μητρος εγεννηθησαν ουτως και εισιν ευνουχοι οιτινες ευνουχισθησαν υπο των ανθρωπων και εισιν ευνουχοι οιτινες ευνουχισαν εαυτους δια την βασιλειαν των ου ρανων ο δυναμενος χωρειν χωρειτω
- 13 ¶ Lè sa a, yo mennen kèk timoun piti bay Jezi pou l' te mete men l' sou tèt yo, pou l' te lapriyè pou yo. Men, disip yo t'ap di moun yo pa fè sa.
Then some people took little children to him, so that he might put his hands on them in blessing: and the disciples said sharp words to them.
τοτε προσηνεχθη αυτω παιδια ινα τας χειρας επιθη αυτοις και προσευξεται οι δε μαθηται επετιμησαν αυτοις
- 14 Jezi di yo: Kite timoun yo vin jwenn mwen non. Pa enpoze yo vini. Paske, Peyi Wa ki nan syèl la, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li ye.
But Jesus said, Let the little ones come to me, and do not keep them away: for of such is the kingdom of heaven.
ο δε ιησους ειπεν αφετε τα παιδια και μη κωλυετε αυτα ελθειν προς με των γαρ τουιουτων εστιν η βασιλεια των ουρανων
- 15 Li mete men l' sou tèt yo. Apre sa, li pati, li kite kote l' te ye a.
And he put his hands on them, and went away.
και επιθεις αυτοις τας χειρας επορευθη εκειθεν
- 16 ¶ Yon nonm pwoche bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, ki bon bagay mwen dwe fè pou m' ka resewva lavi ki p'ap janm fini an?
And one came to him and said, Master, what good thing have I to do, so that I may have eternal life?
και ιδου εις προσελθων ειπεν αυτω διδασκαλε αγαθε τι αγαθον ποιησω ινα εχω ζωην αιωνιον
- 17 Jezi reponn li: Poukisa w'ap poze m' keksyon sou sa ki bon? Se yon sèl ki bon. Si ou vle antre nan lavi a, se pou ou fè sa kòmandman yo mande. Nonm lan mande li: Kilès kòmandman sa yo?
And he said to him, Why are you questioning me about what is good? One there is who is good: but if you have a desire to go into life, keep the rules of the law.
ο δε ειπεν αυτω τι με λεγεις αγαθον ουδεις αγαθος ει μη εις ο θεος ει δε θελεις εισελθειν εις την ζωην τηρησον τας εντολας
- 18 Jezi reponn li: Piga ou touye moun. Piga ou fè adiltè. Piga ou vòlò. Piga ou bay manti.
He says to him, Which? And Jesus said, Do not put anyone to death, Do not be untrue in married life, Do not take what is not yours, Do not give false witness,
λεγει αυτω ποιας ο δε ιησους ειπεν το ου φονευσεις ου μοιχευσεις ου κλεψεις ου ψευδομαρτυρησεις
- 19 Respekte papa ou ak manman ou. Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen tèt pa ou.
Give honour to your father and your mother: and, Have love for your neighbour as for yourself.
τιμα τον πατερα σου και την μητερα και αγαπησεις τον πλησιον σου ως σεαυτον
- 20 Jennonm lan di li: Mwen swiv tout bagay sa yo. Kisa pou m' fè ankò?
The young man says to him, All these things have I done: what more is there?
λεγει αυτω ο νεανισκος παντα ταυτα εφυλαξαμην εκ νεοτητος μου τι ετι υστερω
- 21 Jezi di li: Si ou vle bon nèt san manke anyen, ale vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòn. Lè sa a, wa gen yon richès nan syèl la. Apre sa, vin swiv mwen.
Jesus said to him, If you have a desire to be complete, go, get money for your property, and give it to the poor, and you will have wealth in heaven: and come after me.
εφη αυτω ο ιησους ει θελεις τελειος ιναι υπαγε πωλησον σου τα υπαρχοντα καιδος πτωχοις και εξεις θησαυρον εν ουρανω και δευρο ακολουθει μοι

- 22 Lè jennonm lan tande pawòl sa yo, li vin kagou, li vire do l', li ale paske li te gen anpil byen.
But hearing these words the young man went away sorrowing: for he had much property.
ακουσας δε ο νεανισκος τον λογον απηλθεν λυπουμενος ην γαρ εχων κτηματα πολλα
- 23 ¶ Lè sa a, Jezi di disip li yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Sa ap difisil nèt pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la.
And Jesus said to his disciples, Truly I say to you, It is hard for a man with much money to go into the kingdom of heaven.
ο δε ιησους ειπεν τοις μαθηταις αυτου αμην λεγω υμιν οτι δυσκολως πλουσιος εισελυσεται εις την βασιλειαν των ουρανων
- 24 M'ap di nou sa ankò: L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a pase nan je yon zegwi pase pou yon nonm rich antre nan Peyi Wa ki nan syèl la.
And again I say to you, It is simpler for a camel to go through a needle's eye, than for a man with much money to go into the kingdom of God.
παλιν δε λεγω υμιν ευκοπωτερον εστιν καμηλον δια τρυπηματος ραφιδος διελθειν η πλουσιον εις την βασιλειαν του θεου εισελθειν
- 25 Lè disip yo tande sa, yo pa t' manke sezi, yo di: Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove?
And the disciples, hearing this, were greatly surprised, saying, Who then may have salvation?
ακουσαντες δε οι μαθηται αυτου εξεπλησσαντο σφοδρα λεγοντες τις αρα δυναται σωθηναι
- 26 Jezi gade yo, li di: Moun pa ka fè sa, se vre. Men, pa gen anyen Bondye pa kapab fè.
And Jesus, looking at them, said, With men this is not possible; but with God all things are possible.
εμβλεψας δε ο ιησους ειπεν αυτοις παρα ανθρωποις τουτο αδυνατον εστιν παρα δε θεω παντα δυνατα εστιν
- 27 Lè sa a, Pyè di li: Men, koute non. Nou kite tout bagay pou nou swiv ou. Kisak pral rive nou?
Then Peter said to him, See, we have given up everything and have come after you; what then will we have?
τοτε αποκριθεις ο πετρος ειπεν αυτω ιδου ημεις αφηκαμεν παντα και ηκολουθησαμεν σοι τι αρα εσται ημιν
- 28 Jezi reponn yo: Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Lè Moun Bondye voye nan lachè a va chita sou fòtèy li ak tout bèl pouvwa li, lè tout bagay va chanje nèt, nou menm k'ap swiv mwen, n'a chita sou douz fòtèy tou, pou nou ka jije douz branch ras Izrayèl la.
And Jesus said to them, Truly I say to you that in the time when all things are made new, and the Son of man is seated in his glory, you who have come after me will be seated on twelve seats, judging the twelve tribes of Israel.
ο δε ιησους ειπεν αυτοις αμην λεγω υμιν οτι υμεις οι ακολουθησαντες μοι εν τη παλιγγενεσια οταν καθιση ο υιος του ανθρωπου επι θρονου δοξης αυτου καθισεσθε και υμεις επι δωδεκα θρονους κρινοντες τας δωδεκα φυλας του ισραηλ
- 29 Nenpòt moun ki va kite kay li, osinon frè l', osinon sè l', osinon papa l', osinon manman l', osinon pitit li, osinon jaden l', poutèt mwen, moun sa a gen pou l' resevwa san (100) fwa plis pase sa, ansanm ak lavi ki p'ap janm fini an.
And everyone who has given up houses, or brothers, or sisters, or father, or mother, or child, or land, for my name, will be given a hundred times as much, and have eternal life.
και πας ος αφηκεν οικιας η αδελφους η αδελφας η πατερα η μητερα η γυναικα η τεκνα η αγρους ενεκεν του ονοματος μου εκατονταπλασιον ληφεται και ζωην αιωνιον κληρονομησει
- 30 Anpil nan moun ki devan yo va rete dèyè. Anpil nan moun ki dèyè yo va pran devan.
But a great number who are first will be last, and some who are last will be first.
πολλοι δε εσονται πρωτοι εσχατοι και εσχατοι πρωτοι
- 1 ¶ Men ki jan sa ye nan Peyi Wa ki nan syèl la: Se tankou yon mèt jaden rezen ki sot granmaten al chache moun vin travay nan jaden rezen l' lan.
For the kingdom of heaven is like the master of a house, who went out early in the morning to get workers into his vine-garden.
ομοια γαρ εστιν η βασιλεια των ουρανων ανθρωπω οικοδοεσποτη οστις εξηλθεν αμα πρωι μισθωσασθαι εργατας εις τον αμπελωνα αυτου
- 2 Li antann ak yo pou l' ba yo sa yo peye pou yon jounen travay. Li voye yo al travay nan jaden rezen an.
And when he had made an agreement with the workmen for a penny a day, he sent them into his vine-garden.
συμφωνησας δε μετα των εργατων εκ δηναριου την ημεραν απεστειλεν αυτους εις τον αμπελωνα αυτου
- 3 Li sot ankò vè nevè nan maten, li wè kèk lòt moun ki te kanpe sou plas la san yo p'ap fè anyen.
And he went out about the third hour, and saw others in the market-place doing nothing;
και εξελθων περι την τριτην ωραν ειδεν αλλους εστωτας εν τη αγορα αργους
- 4 Li di yo: Nou menm tou, nou mèt al travay nan jaden rezen m' lan, m'a peye nou pou sa n'a fè.
And he said to them, Go into the vine-garden with the others, and whatever is right I will give you. And they went to work.
κακεινοις ειπεν υπαγετε και υμεις εις τον αμπελωνα και ο εαν η δικαιον δωσω υμιν

- 5 Epi y al travay nan jaden an. Apre sa, mèl jaden an soti ankò vè midi, ak yon lòt fwa ankò vè twazè nan apremidi, li fè menm bagay la.
Again he went out about the sixth and the ninth hour, and did the same.
οι δε απηλθον παλιν εξελθων περι εκτην και εννατην ωραν εποιησεν οσαυτως
- 6 Li te vè senkè nan apremidi lè li soti ankò. Li jwenn kèk lòt moun ki te kanpe la sou plas la, li di yo: Poukisa nou rete tout jounen an la san fè anyen konsa?
And about the eleventh hour he went out and saw others doing nothing; and he says to them, Why are you here all the day doing nothing?
περι δε την ενδεκατην ωραν εξελθων ευρεν αλλους εστωτας αργους και λεγει αυτοις τι ωδε εστηκατε ολην την ημεραν αργοι
- 7 Yo reponn li: Se paske pesonn pa ban nou travay. Mèt la di yo: Enben, nou menm tou, nou mèl al travay nan jaden rezen m' lan.
They say to him, Because no man has given us work. He says to them, Go in with the rest, into the vine-garden.
λεγουσιν αυτω οτι ουδεις ημας εμισθωσατο λεγει αυτοις υπαγετε και υμεις εις τον αμπελωνα και ο εαν η δικαιον ληψεσθε
- 8 Lè solèy fin kouche, mèl jaden an di jeran l' lan: Rele travayè yo, peye yo lajan yo. Kòmanse ak sa ki te vin an dènye yo pou fini ak premye yo.
And when evening came, the lord of the vine-garden said to his manager, Let the workers come, and give them their payment, from the last to the first.
οψιας δε γενομενης λεγει ο κυριος του αμπελωνος τω επιτροπω αυτου καλεσον τους εργατας και αποδος αυτοις τον μισθον αρξαμενος απο των εσχατων εως των πρωτων
- 9 Mesye ki te antre nan travay vè senkè nan apremidi yo vini, yo chak yo resevwa lajan yon jounen travay.
And when those men came who had gone to work at the eleventh hour, they were given every man a penny.
και ελθοντες οι περι την ενδεκατην ωραν ελαβον ανα δηναριον
- 10 Lè mesye ki te la depi granmaten yo vin rive, yo te kwè yo tapral resevwa plis. Men, yo chak resevwa lajan yon jounen travay tou.
Then those who came first had the idea that they would get more; and they, like the rest, were given a penny.
ελθοντες δε οι πρωτοι ενομισαν οτι πλειονα ληψονται και ελαβον και αυτοι ανα δηναριον
- 11 Lè yo resevwa lajan an, yo tonbe bougonnen sou do mèl jaden an.
And when they got it, they made a protest against the master of the house,
λαβοντες δε εγογγυζον κατα του οικοδεσποτου
- 12 Yo di konsa: Moun sa yo vin an dènye, yo travay yon sèl ti moman, epi ou peye yo menm lajan ak nou ki fatigue kò n' travay tout jounen an anba chalè solèy la.
Saying, These last have done only one hour's work, and you have made them equal to us, who have undergone the hard work of the day and the burning heat.
λεγοντες οτι ουτοι οι εσχατοι μιαν ωραν εποιησαν και ισους ημιν αυτοις εποιησας τοις βαστασασιν το βαρος της ημερας και τον καυσωνα
- 13 Mèt la reponn yonn nan yo: Zanmi, mwen pa fè ou okenn lenjistis. Nou te antann pou yon pri, pa vre?
But he in answer said to one of them, Friend, I do you no wrong: did you not make an agreement with me for a penny?
ο δε αποκριθεις ειπεν ενι αυτων εταιρε ουκ αδικω σε ουχι δηναριον συνεφωνησας μοι
- 14 Enben, pran lajan ou, al fè wout ou. Se mwen menm ki vle bay moun ki vin an dènye yo menm lajan avè ou.
Take what is yours, and go away; it is my pleasure to give to this last, even as to you.
αρον το σον και υπαγε θελω δε τουτω τω εσχατω δουναι ως και σοι
- 15 Eske m' pa gen dwa fè sa m' vle ak lajan mwen? Osinon, èske sa fè ou mal si m' gen bon kè?
Have I not the right to do as seems good to me in my house? or is your eye evil, because I am good?
η ουκ εξεστιν μοι ποιησαι ο θελω εν τοις εμοις ει ο οφθαλμος σου πονηρος εστιν οτι εγω αγαθος ειμι
- 16 Apre sa, Jezi di yo ankò: Se konsa moun ki dèyè yo va pran devan, moun ki devan yo va rete dèyè nèt.
So the last will be first, and the first last.
ουτως εσονται οι εσχατοι πρωτοι και οι πρωτοι εσχατοι πολλοι γαρ εισιν κλητοι ολιγοι δε εκλεκτοι
- 17 ¶ Apre sa, Jezi t'ap moute Jerizalèm. Antan li t'ap mache sou wout la, li pran douz disip li yo apa, li di yo:
And when Jesus was going up to Jerusalem, he took the twelve disciples on one side, and said to them,
και αναβαινων ο ιησους εις ιεροσολυμα παρελαβεν τους δωδεκα μαθητας κατ ιδιαν εν τη οδω και ειπεν αυτοις
- 18 Tande. Men n'ap moute Jerizalèm kote yo pral lage m', mwen menm Moun Bondye voye nan lachè a, nan men chèf prèt yo ansanm ak dirèktè lalwa yo. Yo pral kondannen m' amò,
See, we go up to Jerusalem; and the Son of man will be given into the hands of the chief priests and scribes; and they will give orders for him to be put to death,
ιδου αναβαινομεν εις ιεροσολυμα και ο υιος του ανθρωπου παραδοθησεται τοις αρχιερευσιν και γραμματευσιν και κατακρινουσιν αυτον θανατω

- 19 y'ap lage m' bay moun lòt nasyon yo. Etranje sa yo pral pase m' nan rizib, yo pral bat mwen ak kout fwèt, apre sa yo pral kloure m' sou yon kwa. Men, sou twa jou, m'a leve soti vivan nan lanmò.
And will give him up to the Gentiles to be made sport of and to be whipped and to be put to death on the cross: and the third day he will come back again from the dead.
και παραδωσουσιν αυτον τοις εθνεσιν εις το εμπαιξει και μαστιγωσαι και σταυρωσαι και τη τριτη ημερα αναστησεται
- 20 ¶ Lè sa a, manman pitit Zebede yo pwoche bò kote Jezi ak pitit li yo. Li bese tèt li byen ba devan Jezi pou mande l' yon favè.
Then the mother of the sons of Zebedee came to him with her sons, giving him worship and making a request of him.
τοτε προσηλθεν αυτω η μητηρ των υιων ζεβεδαιου μετα των υιων αυτης προσκυνουσα και αιτουσα τι παρ αυτου
- 21 Jezi di li: Kisa ou vle? Madanm lan reponn: Men de pitit mwen yo. Bay lòd pou yo chita, yonn sou bò dwat ou, lòt la sou bò gòch ou, lè ou va wa.
And he said to her, What is your desire? She says to him, Let my two sons be seated, the one at your right hand, and the other at your left, in your kingdom.
ο δε ειπεν αυτη τι θελεις λεγει αυτω ειπε ινα καθισωσιν ουτοι οι δυο υιοι μου εις εκ δεξιων σου και εις εξ ευωνυμων εν τη βασιλεια σου
- 22 Jezi reponn li? Nou pa konnen sa n'ap mande la a. Eske nou kapab bwè nan menm gode doulè mwen gen pou m' bwè a? Yo di li: Nou kapab.
But Jesus made answer and said, You have no idea what you are requesting. Are you able to take of the cup which I am about to take?
αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν ουκ οιδατε τι αιτεισθε δυνασθε πινει το ποτηριον ο εγω μελλω πινειν και το βαπτισμα ο εγω βαπτιζομαι βαπτισθηναι λεγουσιν αυτω δυναμεθα
- 23 Jezi reponn yo: Se vre. n'a bwè nan gode m' lan. Men, kanta pou chita sou bò dwat osinon sou bò gòch mwen an, se pa mwen ki bay sa. Plas sa yo, Papa m' rezève yo pou moun li vle.
They say to him, We are able. He says to them, Truly, you will take of my cup: but to be seated at my right hand and at my left is not for me to give, but it is for those for whom my Father has made it ready.
και λεγει αυτοις το μεν ποτηριον μου πιεσθε και το βαπτισμα ο εγω βαπτιζομαι βαπτισθησεσθε το δε καθισαι εκ δεξιων μου και εξ ευωνυμων μου ουκ εστιν εμιν δουναι αλλ. οις ητοιμασται υπο του πατρος μου
- 24 Lè dis lòt disip yo tande sa, yo pa t' manke fache sou de frè yo.
And when it came to the ears of the ten, they were angry with the two brothers.
και ακουσαντες οι δεκα ηγανακτησαν περι των δυο αδελφων
- 25 Jezi rele yo, li di yo: Nou konnen ki jan chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav. Grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa.
But Jesus said to them, You see that the rulers of the Gentiles are lords over them, and their great ones have authority over them.
ο δε ιησους προσκαλεσαμενος αυτους ειπεν οιδατε οτι οι αρχοντες των εθνων κατακυριευουσιν αυτων και οι μεγαλοι κατεξουσιαζουσιν αυτων
- 26 Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout.
Let it not be so among you: but if anyone has a desire to become great among you, let him be your servant;
ουχ ουτως δε εσται εν υμιν αλλ. ος εαν θελη εν υμιν μεγας γενεσθαι εστω υμων διακονος
- 27 Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout.
And whoever has a desire to be first among you, let him take the lowest place:
και ος εαν θελη εν υμιν ειναι πρωτος εστω υμων δουλος
- 28 Se konsa, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun.
Even as the Son of man did not come to have servants, but to be a servant, and to give his life for the salvation of men.
ωσπερ ο υιος του ανθρωπου ουκ ηλθεν διακονηθηναι αλλα διακονησαι και δουναι την ψυχην αυτου λυτρον αντι πολλων
- 29 ¶ Antan yo t'ap soti lavil Jeriko, yon gwo foul moun pran swiv Jezi.
And when they were going out from Jericho, a great number went after him.
και εκπορευομενων αυτων απο ιεριχω ηκολουθησεν αυτω οχλος πολυς
- 30 Te gen de avèg chita bò chemen an. Yo annik tande se Jezi ki t'ap pase, yo pran rele: Mèt, pitit David la, pitye pou nou.
And two blind men seated by the wayside, when they had the news that Jesus was going by, gave a loud cry, saying, Lord, Son of David, have mercy on us.
και ιδου δυο τυφλοι καθημενοι παρα την οδον ακουσαντες οτι ιησους παραγει εκραξαν λεγοντες ελεησον ημας κυριε υιος δαβιδ
- 31 Moun yo t'ap kouri dèyè yo pou fè yo pe bouch yo. Men, yo t'ap rele pi rèd: Mèt, pitit David la, gen pitye pou nou!
And the people gave them orders to be quiet; but they went on crying even louder, Lord, Son of David, have mercy on us.
ο δε οχλος επιτιμησεν αυτοις ινα σιωπησωσιν οι δε μειζον εκραζον λεγοντες ελεησον ημας κυριε υιος δαβιδ

- 32 Jezi rete, li rele avèg yo, li mande yo: Kisa nou vle m' fè pou nou?
 And Jesus, stopping, sent for them, and said, What would you have me do to you?
 και στας ο ιησους εφωνησεν αυτους και ειπεν τι θελετε ποιησω υμιν
- 33 Yo di li: Mèt, fè nou wè nan je nou ankò.
 They say to him, Lord, that our eyes may be open.
 λεγουσιν αυτω κυριε ινα ανοιχθωσιν ημων οι οφθαλμοι
- 34 Kè Jezi fè l' mal pou yo, li manyen je yo. Menm lè a de mesye yo wè, epi yo swiv Jezi.
 And Jesus, being moved with pity, put his fingers on their eyes: and straight away they were able to see, and went after him.
 σπλαγχμισθεις δε ο ιησους ηψατο των οφθαλμων αυτων και ευθεως ανεβλεψαν αυτων οι οφθαλμοι και ηκολουθησαν αυτω
- 1 ¶ Yo t'ap pwoche bò lavil Jerizalèm, yo te gen tan rive nan bouk Bètfaje, toupren mòn Oliv la. Lè sa a, Jezi voye de nan disip li yo,
 And when they were near Jerusalem, and had come to Beth-phage, to the Mountain of Olives, Jesus sent two disciples,
 και οτε ηγγισαν εις ιεροσολυμα και ηλθον εις βηθφαγη προς το ορος των ελαιων τοτε ο ιησους απεστειλεν δυο μαθητας
- 2 li di yo: Ale nan bouk ki devan nou an. Kou n'a rive, n'a jwenn yon manman bourik mare, ak yon jenn ti bourik avèk li. Lage yo, mennen yo ban mwen.
 Saying to them, Go into the little town in front of you, and straight away you will see an ass with a cord round her neck, and a young one with her; let them loose and come with them to me.
 λεγων αυτοις πορευθητε εις την κωμην την απεναντι υμων και ευθεως ευρησετε ονον δεδεμενην και πωλον μετ αυτης λυσαντες αγαγετε μοι
- 3 Si yon moun di nou kichòy, n'a reponn: Se Mèt la ki bezwen yo. Menm lè a, la kite nou ale ak yo.
 And if anyone says anything to you, you will say, The Lord has need of them; and straight away he will send them.
 και εαν τις υμιν ειπη τι ερειτε οτι ο κυριος αυτων χρειαυ εχει ευθεως δε αποστειλει αυτους
- 4 Sa te rive konsa pou pawòl pwofèt la te di a te ka rive vre:
 Now this took place so that these words of the prophet might come true,
 τουτο δε ολον γεγονεν ινα πληρωθη το ρηθεν δια του προφητου λεγοντος
- 5 Ale di moun lavil Siyon yo: Gade, men wa nou an ap vin jwenn nou. Li san lògèy, li moute yon bourik, yon ti bourik dèyè manman.
 Say to the daughter of Zion, See, your King comes to you, gentle and seated on an ass, and on a young ass.
 ειπατε τη θυγατρι σιων ιδου ο βασιλευς σου ερχεται σοι πραυς και επιβεβηκως επι ονον και πωλον υιον υποζυγιου
- 6 Disip yo ale, yo fè tou sa Jezi te bay yo lòd fè a.
 And the disciples went and did as Jesus had given them orders,
 πορευθεντες δε οι μαθηται και ποιησαντες καθως προσεταξεν αυτοις ο ιησους
- 7 Yo mennen manman bourik la ak jenn ti bourik la, yo mete rad yo sou bèt yo, epi Jezi moute chita.
 And got the ass and the young one, and put their clothing on them, and he took his seat on it.
 ηγαγον την ονον και τον πωλον και επεθηκαν επανω αυτων τα ιματια αυτων και επεκαθισεν επανω αυτων
- 8 Yon foul moun te tann rad yo atè sou tout chemen an. Gen lòt menm ki te koupe branch bwa, yo mete yo atè nan chemen an.
 And all the people put their clothing down in the way; and others got branches from the trees, and put them down in the way.
 ο δε πλειστος οχλος εστρωσαν εαυτων τα ιματια εν τη οδω αλλοι δε εκοπτον κλαδους απο των δενδρων και εστρωννυον εν τη οδω
- 9 Ni foul moun ki t'ap mache devan Jezi a, ni moun ki t'ap mache dèyè l' yo, yo tout t'ap rele: Lwanj pou Pitit David la! Benediksyon pou Moun ki vini nan non Mèt la. Lwanj pou Bondye jouk anwo nan syèl la!
 And those who went before him, and those who came after, gave loud cries, saying, Glory to the Son of David: A blessing on him who comes in the name of the Lord: Glory in the highest.
 οι δε οχλοι οι προαγοντες και οι ακολουθουντες εκραζον λεγοντες ωσαννα τω υιω δαβιδ ευλογημενος ο ερχομενος εν ονοματι κυριου ωσαννα εν τοις υψιστοις
- 10 Lè Jezi antre lavil Jerizalèm, tout lavil la te tèt anba. Moun yo t'ap mande: Ki moun nonm sa a ye menm?
 And when he came into Jerusalem, all the town was moved, saying, Who is this?
 και εισελθοντος αυτου εις ιεροσολυμα εσεισθη πασα η πολις λεγουσα τις εστιν ουτος
- 11 Foul moun yo menm t'ap reponn yo: Se pwofèt Jezi, moun Nazarèt nan peyi Galile a.
 And the people said, This is the prophet Jesus, from Nazareth of Galilee.
 οι δε οχλοι ελεγον ουτος εστιν ιησους ο προφητης ο απο ναζαρετ της γαλιλαιας

- 12 ¶ Jezi antre nan tanp Bondye a, li chase tout moun ki t'ap vann ak tout moun ki t'ap achte nan tanp lan. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo ansanm ak chèz moun ki t'ap vann pijon yo.
And Jesus went into the Temple and sent out all who were trading there, overturning the tables of the money-changers and the seats of those trading in doves.
 και εισηλθεν ο ιησους εις το ιερον του θεου και εξεβαλεν παντας τους πωλουντας και αγοραζοντας εν τω ιερω και τας τραπεζας των κολλυβιστων κατεστρεψεν και τας καθεδρας των πωλουντων τας περιστρας
- 13 Apre sa, li di yo; Men sa ki ekri: y'a rele kay mwen an kay kote pou moun vin lapriyè nan pye m'. Men nou menm, nou fè l' tounen yon kachèt pou vòlè.
And he said to them, It is in the Writings, My house is to be named a house of prayer, but you are making it a hole of thieves.
 και λεγει αυτοις γεγραπτα ο οικος μου οικος προσευχης κληθησεται υμεις δε αυτον εποισατε σπηλαιον ληστων
- 14 Kèk avèk ak kèk enfim nan pye pwoche bò kote Jezi nan tanp lan. Li geri yo.
And the blind and the broken in body came to him in the Temple, and he made them well.
 και προσηλθον αυτω τυφλοι και χωλοι εν τω ιερω και εθεραπευσεν αυτους
- 15 Men, chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo te fache anpil lè yo wè bèl bagay li t'ap fè, lè yo tande timoun yo ki t'ap rele nan tanp lan: Lwanj pou Pitit David la!
But when the chief priests and the scribes saw the works of power which he did, and the children crying out in the Temple, Glory to the son of David, they were angry and said to him,
 ιδοντας δε οι αρχιερεις και οι γραμματαις τα θαυμασια α εποισεν και τους παιδας κραζοντας εν τω ιερω και λεγοντας ωσαννα τω υιο δαβιδ ηγανακτησαν
- 16 Yo di Jezi konsa: Eske ou pa tande sa y'ap di? Jezi reponn yo: M' tande wi. Eske nou pa janm li pawòl sa a nan Liv la: Ou fè timoun piti ak tibebe nan tete fè gwo lwanj pou ou?
Have you any idea what these are saying? And Jesus said to them, Yes: have you not seen in the Writings, From the lips of children and babies at the breast you have made your praise complete?
 και ειπον αυτω ακουεις τι ουτοι λεγουσιν ο δε ιησους λεγει αυτοις ναι ουδεποτε ανεγνωτε οτι εκ στοματος νηπιων και θηλαζοντων κατηρτισω αινον
- 17 Apre sa, li kite yo, li soti lavil la, li ale Betani. Se la li pase nwit lan.
And he went away from them, and went out of the town to Bethany, and was there for the night.
 και καταλιπων αυτους εξηλθεν εξω της πολεως εις βηθανιαν και ηυλισθη εκει
- 18 ¶ Nan denmen maten, antan yo t'ap tounen lavil Jerizalèm, Jezi te grangou.
Now in the morning when he was coming back to the town, he had a desire for food.
 πρωιας δε επαναγων εις την πολιν επεινασεν
- 19 Li wè yon pye fig frans bò wout la, li pwoche bò kote l'. Men se fèy ase li jwenn. Lè sa a, Jezi di pye fig frans lan: Ou p'ap janm donner ankò. Menm lè a, pye fig frans lan cheche.
And seeing a fig-tree by the wayside, he came to it, and saw nothing on it but leaves only; and he said to it, Let there be no fruit from you from this time forward for ever. And straight away the fig-tree became dry and dead.
 και ιδων συκιη μιαν επι της οδου ηλθεν επ αυτην και ουδεν ευρεν εν αυτη ει μη φυλλα μονον και λεγει αυτη μηκετι εκ σου καρπος γενηται εις τον αιωνα και εξηρανθη παραχρημα η συκιη
- 20 Lè disip yo wè sa, yo pa t' manke sezi, yo di li: Kouman pye fig frans lan fè vin chèch nan yon ti moman?
And when the disciples saw it they were surprised, saying, How did the fig-tree become dry in so short a time?
 και ιδοντας οι μαθηται εθαυμασαν λεγοντες πως παραχρημα εξηρανθη η συκιη
- 21 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si nou te gen konfyans nan Bondye, si nou pa t' gen doutans nan kè nou, se pa sèlman sak rive pye fig frans lan nou ta fè. Men, nou ta ka di mòn sa a: Wete kò ou la. Ale jete tèt ou nan lannè. Sa ta fèt vre.
And Jesus in answer said to them, Truly I say to you, If you have faith, without doubting, not only may you do what has been done to the fig-tree, but even if you say to this mountain, Be taken up and put into the sea, it will be done.
 αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν αυτοις αμην λεγω υμιν εαν εχητε πιστιν και μη διακριθητε ου μονον το της συκης ποιησετε αλλα καν τω ορει τουτω ειπητε αρθητι και βληθητι εις την θαλασσαν γενησεται
- 22 Si nou gen konfyans nan Bondye, n'a resewva tou sa n'a mande l' lè n'ap lapriyè.
And all things, whatever you make request for in prayer, having faith, you will get.
 και παντα οσα αν αιτησητε εν τη προσευχη πιστευοντες ληψεσθε
- 23 ¶ Jezi antre nan tanp lan, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Chèf prèt yo avèk chèf fanmi ki t'ap dirije pèp jwif la vin di li: Ki dwa ou genyen pou w'ap fè tout bagay sa yo? Kilès ki ba ou otorite sa a?
And when he had come into the Temple, the chief priests and those in authority over the people came to him while he was teaching, and said, By what authority do you do these things? and who gave you this authority?
 και ελθοντι αυτω εις το ιερον προσηλθον αυτω διδασκοντι οι αρχιερεις και οι πρεσβυτεροι του λαου λεγοντες εν ποια εξουσια ταυτα ποιεις και τις σοι εδωκεν την εξουσιαν ταυτην

- 24 Jezi reponn yo: M'ap poze nou yon keksyon mwen menm tou. Si nou reponn mwen, m'a di nou ki dwa mwen genyen pou m' fè bagay sa yo.
 And Jesus said to them in answer, I will put one question to you, and if you give me the answer, I will say by what authority I do these things.
 αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν αυτοις ερωτησω υμας καγω λογον ενα ον εαν ειπητε μοι καγω υμιν ερω εν ποια εξουσια ταυτα ποιω
- 25 Ki moun ki te voye Jan batize moun? Bondye osinon moun? Men, yonn t'ap di lòt konsa: Si nou reponn: Se Bondye ki te voye l', la mande nou poukisa nou pa t' kwè l'.
 The baptism of John, where did it come from? from heaven or from men? And they were reasoning among themselves, saying, If we say, From heaven; he will say to us, Why then did you not have faith in him?
 το βαπτισμα ιωαννου ποθεν ην εξ ουρανου η εξ ανθρωπων οι δε διελογιζοντο παρ εαυτοις λεγοντες εαν ειπωμεν εξ ουρανου ερει ημιν διατι ουν ουκ επιστευσατε αυτο
- 26 Si nou reponn: Se moun ki te voye l', afè nou p'ap bon ak foul moun yo, paske yo tout te pran Jan Batis pou yon bon pwofèt.
 But if we say, From men; we are in fear of the people, because all take John to be a prophet.
 εαν δε ειπωμεν εξ ανθρωπων φοβουμεθα τον οχλον παντες γαρ εχουσιν τον ιωαννην ως προφητην
- 27 Apre sa, yo reponn Jezi: Nou pa konnen. Jezi di yo: Enben, mwen menm tou, mwen p'ap di nou ki dwa mwen genyen pou m' fè bagay sa yo.
 And they made answer and said, We have no idea. Then he said to them, And I will not say to you by what authority I do these things.
 και αποκριθεντες τω ιησου ειπον ουκ οιδαμεν εφη αυτοις και αυτος ουδε εγω λεγω υμιν εν ποια εξουσια ταυτα ποιω
- 28 ¶ Sa nou konprann nan sa? Vwala se te yon nonm ki te gen de pitit gason. Li pale ak pi gran an, li di l': Pitit mwen, jòdi a al travay nan jaden rezen an.
 But how does it seem to you? A man had two sons; and he came to the first, and said, Son, go and do work today in the vine-garden.
 τι δε υμιν δοκει ανθρωπος ειχεν τεκνα δυο και προσελθων τω πρωτω ειπεν τεκνον υπαγε σημερον εργαζου εν τω αμπελωνι μου
- 29 Pitit la reponn li: Non, mwen pa vle! Men, pita li chanje lide, li ale.
 And he said in answer, I will not: but later, changing his decision, he went.
 ο δε αποκριθεις ειπεν ου θελω υστερον δε μεταμεληθεις απηλθεν
- 30 Apre sa, papa a pale ak lòt pi piti a, li di l' menm bagay la. Pi piti a reponn li: Wi, papa. Men, li pa janm mete pye li.
 And he came to the second and said the same. And he made answer and said, I go, sir: and went not.
 και προσελθων τω δευτερω ειπεν ωσαντως ο δε αποκριθεις ειπεν εγω κυριε και ουκ απηλθεν
- 31 Kilès nan de pitit yo ki fè volonte papa a? Yo reponn li: Pi gran an. Lè sa a, Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Pèseptè kontribisyon ak fanm movèz vi yo va antre nan Peyi kote Bondye wa a anvan nou.
 Which of the two did his father's pleasure? They say, The first. Jesus said to them, Truly I say to you, that tax-farmers and loose women are going into the kingdom of God before you.
 τις εκ των δυο εποιησεν το θελημα του πατρος λεγουσιν αυτο ο πρωτος λεγει αυτοις ο ιησους αμην λεγω υμιν οτι οι τελωνα και αι πορναι προαγουσιν υμας εις την βασιλειαν του θεου
- 32 Paske, lè Jan Batis te vin bò kote nou, lè li t'ap moutre nou jan pou nou viv dwat devan Bondye a, nou pa t' kwè li. Men, pèseptè kontribisyon ak fanm movèz vi yo te kwè li. Malgre nou te wè sa, nou pa t' chanje lide nou pou n' te kwè nan li tou.
 For John came to you in the way of righteousness, and you had no faith in him, but the tax-farmers and the loose women had faith in him: and you, when you saw it, did not even have regret for your sins, so as to have faith in him.
 ηλθεν γαρ προς υμας ιωαννης εν οδω δικαιοσυνης και ουκ επιστευσατε αυτο οι δε τελωνα και αι πορναι επιστευσαν αυτο υμεις δε ιδοντες ου μετεμεληθητε υστερον του πιστευσαι αυτο
- 33 ¶ Koute yon lòt parabol. Vwala se te yon nonm ki te gen anpil tè. Li plante yon jaden rezen. Li fèmen l' ak yon lantouraj, li foye yon basen pou krase rezen yo. Li bati yon kay pou moun k'ap veye jaden an. Apre sa, li antann li avèk kèk moun pou okipe jaden an pou li, lèfini li pati, li al nan vwayaj.
 Give ear to another story. A master of a house made a vine garden, and put a wall round it, and made a place for crushing out the wine, and made a tower, and let it out to field-workers, and went into another country.
 αλλην παραβολην ακουσατε ανθρωπος τις ην οικοδεσποτης οστις εφυτευσεν αμπελωνα και φραγμαον αυτο περιεθηκεν και ωρυξεν εν αυτο ληνον και οικοδομησεν πυργον και εξεδото αυτον γεωργοις και απεδημησεν
- 34 Lè sezon rekòt rezen an rive, li voye domestik li yo chache rezen pa l' bò kote jeran yo.
 And when the time for the fruit came near, he sent his servants to the workmen, to get the fruit.
 οτε δε ηγγισεν ο καιρος των καρπων απεστειλεν τους δουλους αυτου προς τους γεωργους λαβειν τους καρπους αυτου
- 35 Jeran yo mete men sou domestik yo, yo bat yonn byen bat, yo touye yon lòt, yo touye yon twazyèm ak kout wòch.
 And the workmen made an attack on his servants, giving blows to one, putting another to death, and stoning another.
 και λαβοντες οι γεωργοι τους δουλους αυτου ον μεν εδειραν ον δε απεκτειναν ον δε ελιθοβολησαν

- 36 Mèt jaden an voye lòt domestik ankò, pi plis pase premye fwa a. Jeran yo maltrete yo menm jan an.
Again, he sent other servants more in number than the first: and they did the same to them.
παλιν απεστειλεν άλλους δούλους πλειονας των πρώτων και εποησαν αυτοις οσαυτως
- 37 Apre sa, li voye pwòp pitit gason l' bò kote yo andènye. Li t'ap di nan kè l': Omwens y'a gen respè pou pitit mwen an.
But after that he sent his son to them, saying, They will have respect for my son.
υστερον δε απεστειλεν προς αυτους τον υιον αυτου λεγων εντραπησονται τον υιον μου
- 38 Men, lè jeran yo wè pitit la, yonn di lòt: Men eritye a. Vini non, ann touye li. Konsa, jaden an va vin pou nou.
But when the workmen saw the son, they said among themselves, This is he who will one day be the owner of the property; come, let us put him to death and take his heritage.
οι δε γεωργοι ιδοντες τον υιον ειπον εν εαυτοις ουτος εστιν ο κληρονομος δευτε αποκτεινωμεν αυτον και κατασχωμεν την κληρονομιαν αυτου
- 39 Yo mete men sou li, yo jete l' lòt bò jaden an, yo touye li.
And they took him and, driving him out of the vine-garden, put him to death.
και λαβοντες αυτον εξεβαλον εξω του αμπελωνος και απεκτειναν
- 40 Bon, lè mèt jaden rezen an vini, kisa li va fè jeran sa yo?
When, then, the lord of the vine-garden comes, what will he do to those workmen?
οταν ουν ελθη ο κυριος του αμπελωνος τι ποιησει τοις γεωργοις εκεινοις
- 41 Yo reponn li: Li p'ap gen pitye pou yo. La fè touye malveyan sa yo, la pran jaden rezen an bay lòt jeran ki va ba l' pòsyon pa l' nan rekòt la lè sezon an va rive.
They say to him, He will put those cruel men to a cruel death, and will let out the vine-garden to other workmen, who will give him the fruit when it is ready.
λεγουσιν αυτω κακους κακως απολεσει αυτους και τον αμπελωνα εκδοσεται αλλοις γεωργοις οιτινες αποδωσουσιν αυτω τους καρπους εν τοις καιροις αυτων
- 42 Apre sa, Jezi di yo: Eske nou pa janm li pawòl sa yo nan Liv la? Wòch moun ki t'ap bati yo te voye jete a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la. Sa se travay Mèt la. Se bèl bagay pou nou wè sa.
Jesus says to them, Did you never see in the Writings, The stone which the builders put on one side, the same has been made the chief stone of the building: this was the Lord's doing, and it is a wonder in our eyes?
λεγει αυτοις ο ιησους ουδεποτε ανεγνωτε εν ταις γραφαις λιθον ον απεδοκιμασαν οι οικοδομουντες ουτος εγενηθη εις κεφαλην γωνιας παρα κυριου εγενετο αυτη και εστιν θαυμαστη εν οφθαλμοις ημων
- 43 Se poutèt sa mwen di nou: y'a wete Peyi kote Bondye Wa a nan men nou, y'a pran l' bay moun yon lòt nasyon ki va bay rannman pou Peyi Wa a.
For this reason I say to you, The kingdom of God will be taken away from you, and will be given to a nation producing the fruits of it.
δια τουτο λεγω υμιν οτι αρθησεται αφ υμων η βασιλεια του θεου και δοθησεται εθνει ποιουντι τους καρπους αυτης
- 44 Moun ki bite sou wòch sa a gen pou kase ren li. Men, si se wòch la menm ki tonbe sou li, li gen pou l' kraze l' an miyèt moso.
Any man falling on this stone will be broken, but he on whom it comes down will be crushed to dust.
και ο πεσων επι τον λιθον τουτον συνθλασθησεται εφ ον δ αν πεση λικμησει αυτον
- 45 Lè chèf prèt yo ak farizyen yo tande parabòl sa yo, yo vin konprann se pou yo Jezi t'ap pale.
And when his stories came to the ears of the chief priests and the Pharisees, they saw that he was talking of them.
και ακουσαντες οι αρχιερεις και οι φαρισαιοι τας παραβολας αυτου εγνωσαν οτι περι αυτων λεγει
- 46 Lè sa a, yo t'ap chache yon jan pou mete men sou li. Men, yo te pè foul moun yo ki te pran Jezi pou yon bon pwofèt.
And though they had a desire to take him, they were in fear of the people, because in their eyes he was a prophet.
και ζητουντες αυτον κρατησαι εφοβηθησαν τους οχλους επειδη ως προφητην αυτον ειχον
- 1 ¶ Antan Jezi t'ap pale ak moun yo, li pran rakonte yo yon lòt parabòl:
And Jesus, talking to them again in stories, said:
και αποκριθεις ο ιησους παλιν ειπεν αυτοις εν παραβολαις λεγων
- 2 Nan Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon wa ki t'ap fete nòs pitit gason li.
The kingdom of heaven is like a certain king, who made a feast when his son was married,
ομοιωθη η βασιλεια των ουρανων ανθρωπω βασιλει οστις εποησεν γαμους τω υιω αυτου

- 3 Li voye domestik li yo rele moun ki te envite nan nòs la. Men, yo yonn pa t' vle vini.
And sent out his servants to get in the guests to the feast: and they would not come.
 και απεστειλεν τους δουλους αυτου καλεσαι τους κεκλημενους εις τους γαμους και ουκ ηθελον ελθειν
- 4 Lè sa a, wa a voye lòt domestik, li di yo: Ale di envite yo manje a pare koulye a. Mwen gen tan fè touye towò bèt mwen yo ak lòt bèt gra mwen yo. Tout bagay pare. vin nan nòs la.
Again he sent out other servants, with orders to say to the guests, See, I have made ready my feast: my oxen and my fat beasts have been put to death, and all things are ready: come to the feast.
 παλιν απεστειλεν άλλους δουλους λεγων ειπατε τοις κεκλημενοις ιδου το αριστον μου ητοιμασα οι ταυροι μου και τα σιτιστα τεθυμενα και παντα ετοιμα δευτε εις τους γαμους
- 5 Men, envite yo pa fè ka sa l' voye di yo a, y al okipe zafè yo. Yonn ladan yo ale nan jaden l', yon lòt ale nan trafik li.
But they gave no attention, and went about their business, one to his farm, another to his trade:
 οι δε αμελησαντες απηλθον ο μεν εις τον ιδιον αγρον ο δε εις την εμποριαν αυτου
- 6 Gen ladan yo ki pran domestik yo, yo maltrete yo, yo touye yo.
And the rest put violent hands on his servants, and did evil to them, and put them to death.
 οι δε λοιποι κρατησαντες τους δουλους αυτου υβρισαν και απεκτειναν
- 7 Wa a fè yon gwo kòlè, li voye sòlda l' yo touye ansasen yo. Apre sa, li fè mete dife nan lavil yo a.
But the king was angry; and he sent his armies, and those who had put his servants to death he gave to destruction, burning down their town with fire.
 ακουσας δε ο βασιλευς ωργισθη και πεμψας τα στρατευματα αυτου απωλεσεν τους φονεις εκεινους και την πολιν αυτων ενεπρησεν
- 8 Lè sa a, li di domestik li yo: Manje nòs la pare, men moun ki te envite yo pa t' merite sa.
Then he said to his servants, The feast is ready but the guests were not good enough.
 τοτε λεγει τοις δουλους αυτου ο μεν γαμος ετοιμος εστιν οι δε κεκλημενοι ουκ ησαν αξιοι
- 9 Ale sou granchemen, envite tout moun nou jwenn pou yo vini nan nòs la.
Go then to the cross-roads, and get all those whom you see to come to the bride-feast.
 πορευεσθε ουν επι τας διεξοδους των οδων και οσους αν ευρητε καλεσατε εις τους γαμους
- 10 Domestik yo ale nan tout granchemen, yo sanble tout moun yo jwenn, ni move ni bon. Konsa, kote yo t'ap fè nòs la te plen moun.
And those servants went out into the streets, and got together all those whom they came across, bad and good: and the feast was full of guests.
 και εξελθοντες οι δουλοι εκεινοι εις τας οδους συνηγαγον παντας οσους ευρον πονηρους τε και αγαθους και επλησθη ο γαμος ανακειμενων
- 11 Wa a vin antre pou wè envite yo. Je l' al tonbe sou yon nonm ki pa t' abiye ak rad nòs la.
But when the king came in to see the guests, he saw there a man who had not on a guest's robe;
 εισελθων δε ο βασιλευς θεασασθαι τους ανακειμενους ειδεν εκει ανθρωπον ουκ ενδεδυμενον ενδυμα γαμου
- 12 Wa a di li: Zanmi, kouman ou fè antre isit la san ou pa mete rad nòs la sou ou? Nonm lan pa di yon mo.
And he says to him, Friend, how came you in here not having a guest's robe? And he had nothing to say.
 και λεγει αυτω εταιρε πως εισηλθες ωδε μη εχων ενδυμα γαμου ο δε εφιωθη
- 13 Wa a di domestik li yo: Mare de pye l' ak de men l', voye l' jete deyò nan fènwa a. Se la la gen pou l' kriye, pou l' manje dan li.
Then the king said to the servants, Put cords round his hands and feet and put him out into the dark; there will be weeping and cries of sorrow.
 τοτε ειπεν ο βασιλευς τοις διακονους δησαντες αυτου ποδας και χειρας αρατε αυτον και εκβαλετε εις το σκοτος το εξωτερον εκει εσται ο κλαυθμος και ο βρυγμος των οδοντων
- 14 Paske, yo envite anpil moun, men se de twa ase y'a chwazi.
For out of all to whom the good news has come, only a small number will get salvation.
 πολλοι γαρ εισιν κλητοι ολιγοι δε εκλεκτοι
- 15 ¶ Lè sa a, farizyen yo ale, yo mete tèt yo ansanm pou wè ki jan yo ta ka pran pawòl nan bouch Jezi pou akize li.
Then the Pharisees went and had a meeting to see how they might make use of his words to take him.
 τοτε πορευθεντες οι φαρισαιοι συμβουλιον ελαβον οπως αυτον παριδουσωσιν εν λογω

- 16 Yo voye disip pa yo ansanm ak patizan Ewòd yo bò kot Jezi pou mande li: Mèt, nou konnen ou se moun ki kare. W'ap moutre chemen Bondye a jan l' ye a, ou pa pè pesonn. Paske, ou pa gade sou figi moun.
And they sent to him their disciples, with the Herodians, saying, Master, we see that you are true, and that you are teaching the true way of God, and have no fear of anyone, because you have no respect for a man's position.
 και αποστειλλουσιν αυτω τους μαθητας αυτων μετα των ηρωδιανων λεγοντες διδασκαλε οιδαμεν οτι αληθης ει και την οδον του θεου εν αληθεια διδασκεις και ου μελει σοι περι ουδενος ου γαρ βλεπεις εις προσωπον ανθρωπων
- 17 Enben, kisa ou di nan sa: Eske lalwa pèmèt nou peye Seza lajan kontribisyon an, wi ou non?
Give us, then, your opinion of this: Is it right to give tax to Caesar, or not?
 ειπε ουν ημιν τι σοι δοκει εξεστιν δουναι κησον καισαρι η ου
- 18 Men, Jezi te konnen move lide yo te gen dèyè tèt yo, li reponn: Poukisa n'ap chache pran m' nan pèlen konsa, bann ipokrit?
But Jesus saw their trick and said, Oh false ones, why are you attempting to put me in the wrong?
 γνους δε ο ιησους την πονηριαν αυτων ειπεν τι με πειραζετε υποκριται
- 19 Moutre m' pyès lajan nou sèvi pou peye taks la. Yo moutre l' yon pyès lajan.
Let me see the tax money. And they gave him a penny.
 επιδειξατε μοι το νομισμα του κησου οι δε προσηνεγκαν αυτω δηναριον
- 20 Jezi mande yo: Pòtre ki moun avèk non ki moun ki sou li?
And he said to them, Whose is this image and name on it?
 και λεγει αυτοις τινος η εικων αυτη και η επιγραφη
- 21 Yo reponn li: Se pòtre Seza ak non Seza. Lè sa a li di yo: Bay Seza sa ki pou Seza, bay Bondye sa ki pou Bondye.
They say to him, Caesar's. Then he said to them, Give to Caesar the things which are Caesar's, and to God the things which are God's.
 λεγουσιν αυτω καισαρος τοτε λεγει αυτοις αποδοτε ουν τα καισαρος καισαρι και τα του θεου τω θεω
- 22 Lè yo tande sa, yo pa t' manke sezi. Yo kite l', y al fè wout yo.
And hearing it, they were full of wonder, and went away from him.
 και ακουσαντες εθαυμασαν και αφεντες αυτον απηλθον
- 23 ¶ Menm jou a, sadiseyen yo vin bò kot Jezi. (Se sadiseyen yo ki di moun mouri pa leve). Yo poze Jezi keksyon sa a:
On the same day there came to him the Sadducees, who say that there is no coming back from the dead: and they put a question to him, saying,
 εν εκεινη τη ημερα προσηλθον αυτω σαδδουκαιοι οι λεγοντες μη ειναι αναστασιν και επηρωτησαν αυτον
- 24 Mèt, Moyiz te di si yon nonm mouri san kite pitit, frè l' gen pou marye ak madanm defen an pou l' ka fè pitit pou frè l' ki mouri a.
Master, Moses said, If a man, at the time of his death, has no children, let his brother take his wife, and get a family for his brother;
 λεγοντες διδασκαλε μωσης ειπεν εαν τις αποθανη μη εχων τεκνα επιγαμβρευσει ο αδελφος αυτου την γυναικα αυτου και αναστησει σπερμα τω αδελφω αυτου
- 25 Se konsa, te gen sèt frè, moun isit ansanm ak nou. Premye a marye, li mouri san l' pa t' gen pitit. Li kite madanm li pou frè li.
Now there were among us seven brothers; and the first was married and at his death, having no seed, gave his wife to his brother;
 ησαν δε παρ ημιν επτα αδελφοι και ο πρωτος γαμησας ετελευτησεν και μη εχων σπερμα αφηκεν την γυναικα αυτου τω αδελφω αυτου
- 26 Dezyèm lan pase menm jan an tou. Twazyèm lan tou. Konsa, konsa, jouk tout sèt frè yo fin pase.
In the same way the second and the third, up to the seventh.
 ομοιως και ο δευτερος και ο τριτος εως των επτα
- 27 Apre yo tout fin mouri, fanm lan mouri li menm tou.
And last of all the woman came to her end.
 υστερον δε παντων απεθανεν και η γυνη
- 28 Lè mò yo va gen pou leve, madanm kilès li pral ye la a? Paske, li te madanm yo tout.
When they come back from the dead, then, whose wife will she be of the seven? because they all had her.
 εν τη ουν αναστασει τινος των επτα εσται γυνη παντες γαρ εσχον αυτην

- 29 Jezi reponn yo: Nou nan lerè wi. Nou pa konprann sa ki ekri nan Liv la, ni nou pa konnen pouvwa Bondye.
But Jesus said to them in answer, You are in error, not having knowledge of the Writings, or of the power of God.
αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν αυτοις πλανασθε μη ειδοτες τας γραφας μηδε την δυναμιν του θεου
- 30 Lè mò yo va gen pou leve, fanm ak gason pa nan marye ankò. Tout moun pral viv tankou zanj Bondye nan syèl la.
For when they come back from the dead there are no husbands and wives, but they are as the angels in heaven.
εν γαρ τη αναστασει ουτε γαμουσιν ουτε εκγαμιζονται αλλ ως αγγελιοι του θεου εν ουρανω εισιν
- 31 Pou keksyon mò yo k'ap leve vivan ankò, èske nou pa li sa Bondye te di nou:
But about the dead coming back to life, have you no knowledge of what was said to you by God in the Writings:
περι δε της αναστασεως των νεκρων ουκ ανεγνωτε το ρηθεν υμιν υπο του θεου λεγοντος
- 32 Mwen se Bondye Abraram, Bondye Izarak, Bondye Jakòb? Bondye pa Bondye moun mouri, li se Bondye moun vivan.
I am the God of Abraham, and the God of Isaac, and the God of Jacob? God is not the God of the dead but of the living.
εγω ειμι ο θεος αβρααμ και ο θεος ισαακ και ο θεος ιακωβ ουκ εστιν ο θεος θεος νεκρων αλλα ζωντων
- 33 Tout moun ki t'ap koute l' yo te sezi tande sa l' t'ap di yo.
And the people hearing it were surprised at his teaching.
και ακουσαντες οι οχλοι εξεπλησσοντο επι τη διδαχη αυτου
- 34 ¶ Lè farizyen yo tande jan Jezi te fèmen bouch sadiseyen yo, yo tout sanble. Yo te vle pran Jezi nan pèlen.
But the Pharisees, hearing how the mouths of the Sadducees had been stopped, came together;
οι δε φαρισαιοι ακουσαντες οτι εφωμωσεν τους σαδδουκαιοιους συνηχθησαν επι το αυτο
- 35 Yonn ladan yo ki te dirèktè lalwa mande li:
And one of them, a teacher of the law, put a question to him, testing him, and saying,
και επηρωτησεν εις εξ αυτων νομικος πειραζων αυτον και λεγων
- 36 Mèt, ki kòmandman ki pi konsekan nan tout lalwa a?
Master, which is the chief rule in the law?
διδασκαλε ποια εντολη μεγαλη εν τω νομω
- 37 Jezi reponn li: Se pou ou renmen Mèt la, Bondye, ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou.
And he said to him, Have love for the Lord your God with all your heart, and with all your soul, and with all your mind.
ο δε ιησους ειπεν αυτω αγαπησεις κυριον τον θεον σου εν ολη τη καρδια σου και εν ολη τη ψυχη σου και εν ολη τη διανοια σου
- 38 Se kòmandman sa a ki pi gwo, ki pi konsekan.
This is the first and greatest rule.
αυτη εστιν πρωτη και μεγαλη εντολη
- 39 Men dezyèm kòmandman an ki gen menm enpòtans ak premye a: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.
And a second like it is this, Have love for your neighbour as for yourself.
δευτερα δε ομοια αυτη αγαπησεις τον πλησιον σου ως σεαυτον
- 40 De kòmandman sa yo, se yo ki fondasyon tou sa ki nan lalwa Moyiz la ak tou sa pwofèt yo te moutre.
On these two rules all the law and the prophets are based.
εν ταυταις ταις δυσιν εντολαις ολος ο νομος και οι προφηται κρεμανται
- 41 ¶ Antan farizyen yo te sanble, Jezi poze yo keksyon sa a:
Now while the Pharisees were together, Jesus put a question to them, saying,
συνηγμενων δε των φαρισαιων επηρωτησεν αυτους ο ιησους
- 42 Dapre nou, kisa Kris la ye? Pitit kilès li ye? Yo reponn li: Li se pitit pitit David!
What is your opinion of the Christ? whose son is he? They say to him, The Son of David.
λεγων τι υμιν δοκει περι του χριστου τινος υιος εστιν λεγουσιν αυτω του δαβιδ

- 43 Jezi di yo: Bon, kouman David fè rele l' Seyè? Paske se Lespri Bondye a menm ki te fè l' di:
He says to them, How then does David in the Spirit give him the name of Lord, saying,
λεγει αυτοις πως ουν δαβιδ εν πνευματι κυριον αυτον καλει λεγων
- 44 Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen mete lènmi ou yo anba pye ou.
The Lord said to my Lord, Be seated at my right hand, till I put under your feet all those who are against you?
ειπεν ο κυριος τω κυριω μου καθου εκ δεξιων μου εως αν θω τους εχθρους σου υποποδιον των ποδων σου
- 45 Si David rele Kris la Seyè, ki jan pou Kris la ka pitit pitit David?
If David then gives him the name of Lord, how is he his son?
ει ουν δαβιδ καλει αυτον κυριον πως υιος αυτου εστιν
- 46 Okenn moun pa t' kapab reponn li yon mo. Depi jou sa a pesonn pa t' gen odas poze l' keksyon ankò.
And no one was able to give him an answer, and so great was their fear of him, that from that day no one put any more questions to him.
και ουδεις εδυνατο αυτω αποκριθηναι λογον ουδε ετολημυσεν τις απ εκεινης της ημερας επερωτησαι αυτον ουκετι
- 1 ¶ Apre sa, Jezi pale ak fowl moun yo ansanm ak disp li yo, li di yo:
Then Jesus said to the people and to his disciples:
τοτε ο ιησους ελαλησεν τοις οχλοις και τοις μαθηταις αυτου
- 2 Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo la pou esplikè Lalwa Moyiz la.
The scribes and the Pharisees have the authority of Moses;
λεγων επι της μουσεως καθεδρας εκαθισαν οι γραμματεις και οι φαρισαιοι
- 3 Se pou nou koute yo, se pou nou fè tou sa yo di nou fè. Men, pa fè tankou yo. Paske yo menm, yo pa fè sa yo di nou fè.
All things, then, which they give you orders to do, these do and keep: but do not take their works as your example, for they say and do not.
παντα ουν οσα αν ειπωσιν υμιν τηρειν τηρειτε και ποιειτε κατα δε τα εργα αυτων μη ποιειτε λεγουσιν γαρ και ου ποιουσιν
- 4 Yo mare gwo chay lou yo mete sou zepòl lòt moun. Men, yo menm yo p'ap leve yon ti pwent dwèt pou ede moun yo pote chay la.
They make hard laws and put great weights on men's backs; but they themselves will not put a finger to them.
δεσμεουσιν γαρ φορτια βαρεα και δυσβαστακτα και επιτιθεασιν επι τους ωμους των ανθρωπων τω δε δακτυλω αυτων ου θελουσιν κινησαι αυτα
- 5 Tou sa yo fè, se pou moun kapab wè yo. Gade gwochè meday ki make ak pawòl Liv la yo mare sou fwon yo ak nan bra yo! Gade longè ganiti ki nan woulèt rad long yo!
But all their works they do so as to be seen by men: for they make wide their phylacteries, and the edges of their robes,
παντα δε τα εργα αυτων ποιουσιν προς το θεαθηναι τοις ανθρωποις πλατυνουσιν δε τα φυλακτηρια αυτων και μεγαλυνουσιν τα κρασπεδα των ιματιων αυτων
- 6 Yo renmen pi bon plas nan reseptyon. Yo renmen chita kote pou tout moun wè yo nan sinagòg.
And the things desired by them are the first places at feasts, and the chief seats in the Synagogues,
φιλουσιν τε την πρωτοκλισιαν εν τοις δειπνοις και τας πρωτοκαθεδριας εν ταις συναγωγαίς
- 7 Yo renmen pou moun di yo bonjou jouk atè lè yo sou plas piblik, pou moun rele yo: Mèt, Mèt.
And words of respect in the market-places, and to be named by men, Teacher.
και τους ασπασμους εν ταις αγοραις και καλεισθαι υπο των ανθρωπων ραββι ραββι
- 8 Men, nou menm, pa fè moun rele nou Mèt, paske se yon sèl mèt nou genyen. Apa sa, nou tout se frè.
But you may not be named Teacher: for one is your teacher, and you are all brothers.
υμεις δε μη κληθητε ραββι εις γαρ εστιν υμων ο καθηγητης ο χριστος παντες δε υμεις αδελφοι εστε
- 9 Pa rele pesonn sou latè papa, paske nou gen yon sèl papa: sa ki nan syèl la.
And give no man the name of father on earth: because one is your Father, who is in heaven.
και πατερα μη καλεσητε υμων επι της γης εις γαρ εστιν ο πατηρ υμων ο εν τοις ουρανοις
- 10 Pa kite yo rele nou chèf, paske nou gen yon sèl chèf, se Kris la.
And you may not be named guides: because one is your Guide, even Christ.
μηδε κληθητε καθηγηται εις γαρ υμων εστιν ο καθηγητης ο χριστος

- 11 Moun ki pi grannèg nan mitan nou an, se moun k'ap sèvi nou an.
But let the greatest among you be your servant.
 ο δε μειζων υμων εσται υμων διακονος
- 12 Moun ki vle leve tèt li, y'a desann li. Moun ki desann tèt li, y'a leve li.
And whoever makes himself high will be made low, and whoever makes himself low will be made high.
 οστις δε υψωση εαυτον ταπεινωθησεται και οστις ταπεινωσει εαυτον υψωθησεται
- 13 ¶ Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou fèmen pòt ki mennen nan Peyi Wa ki nan syèl la pou pesonn pa antre. Nou menm, nou pa antre ladan li. Lèfini, moun ki ta vle antre, nou enpoze yo antre.
But a curse is on you, scribes and Pharisees, false ones! because you are shutting the kingdom of heaven against men: for you do not go in yourselves, and those who are going in, you keep back.
 ουαι δε υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι κατεσθειτε τας οικιας των χηρων και προφασει μακρα προσευχομενοι δια τουτο ληψεσθε περισσοτερον κριμα
- 14 Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! N'ap piye pòn vèy yo nèt ale, an menm tan n'ap plede fè lapriyé byen long pou parèt pi bon. Se poutèt sa, kondannasyon nou pral pi rèd toujou.
 []
 ουαι υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι κλειετε την βασιλειαν των ουρανων εμπροσθεν των ανθρωπων υμεις γαρ ουκ εισερχεσθε ουδε τους εισερχομενους αφιετε εισελθειν
- 15 Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! N'ap vwayaje toupatou sou lanmè ak sou latè pou nou ka konvèti yon moun lòt nasyon nan relijyon nou an. Lè nou resi jwenn yonn, nou fè l' tounen yon pitit Satan de fwa pi mechan pase nou.
A curse is on you, scribes and Pharisees, false ones! for you go about land and sea to get one disciple and, having him, you make him twice as much a son of hell as yourselves.
 ουαι υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι περιαγετε την θαλασσαν και την ξηραν ποιησαι ενα προσηλυτον και οταν γενηται ποιειτε αυτον υιον γεεννης διπλοτερον υμων
- 16 Malè pou nou, avèg k'ap kondi moun! Nou di konsa: Yon moun te mèt sèman sou tanp lan, li pa bezwen kenbe pawòl li pou sa. Men, si l' sèman sou lò ki nan tanp la, se pou l' kenbe pawòl li.
A curse is on you, blind guides, who say, Whoever takes an oath by the Temple, it is nothing; but whoever takes an oath by the gold of the Temple, he is responsible.
 ουαι υμιν οδηγοι τυφλοι οι λεγοντες ος αν ομοση εν τω ναω ουδεν εστιν ος δ αν ομοση εν τω χρυσω του ναου οφειλει
- 17 Bann egare, bann moun je pete! Kisa ki pi konsekan: lò a osinon tanp lan kote yo fè lò a sèvi pou Bondye?
You foolish ones and blind: which is greater, the gold, or the Temple which makes the gold holy?
 μωροι και τυφλοι τις γαρ μειζων εστιν ο χρυσος η ο ναος ο αγιαζων τον χρυσον
- 18 Nou di ankò: O wi, si yon moun sèman sou lòtèl la, se pa anyen sa. Li pa bezwen kenbe pawòl li. Men, si l' sèman sou ofrann ki sou lòtèl la, se pou l' kenbe pawòl li.
And, Whoever takes an oath by the altar, it is nothing; but whoever takes an oath by the offering which is on it, he is responsible.
 και ος εαν ομοση εν τω θυσιαστηριω ουδεν εστιν ος δ αν ομοση εν τω δωρω τω επανω αυτου οφειλει
- 19 Bann je pete! Kisa ki pi konsekan: ofrann lan osinon lòtèl la kote yo mete ofrann lan apa pou Bondye?
You blind ones: which is greater, the offering, or the altar which makes the offering holy?
 μωροι και τυφλοι τι γαρ μειζων το δωρον η το θυσιαστηριον το αγιαζον το δωρον
- 20 Se sa ki fè, moun ki sèman sou lòtèl la, li sèman sou lòtèl la ansanm ak tou sa ki sou li.
He, then, who takes an oath by the altar, takes it by the altar and by all things on it.
 ο ουν ομοσας εν τω θυσιαστηριω ομνυει εν αυτω και εν πασιν τοις επανω αυτου
- 21 Moun ki sèman sou tanp lan, li sèman sou tanp lan ansanm ak sou Bondye ki rete nan tanp lan.
And he who takes an oath by the Temple, takes it by the Temple and by him whose house it is.
 και ο ομοσας εν τω ναω ομνυει εν αυτω και εν τω κατοικουντι αυτου
- 22 Moun ki sèman sou syèl la, li sèman sou fotèy kote Bondye chita a ansanm ak sou Bondye li menm ki chita sou fotèy la.
And he who takes an oath by heaven, takes it by the seat of God, and by him who is seated on it.
 και ο ομοσας εν τω ουρανω ομνυει εν τω θρονω του θεου και εν τω καθημενω επανω αυτου

- 23 Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou bay Bondye ladim nan rekòt pye mant, pye ani etwale ak pye pèsi, men, nou neglije bagay ki pi konsekan nan lalwa a: n'ap fè lenjistis, nou pa gen kè sansib, nou pa kenbe pawòl nou. Men sa pou n' te fè san nou pa neglije lòt bagay yo.
A curse is on you, scribes and Pharisees, false ones! for you make men give a tenth of all sorts of sweet-smelling plants, but you give no thought to the more important things of the law, righteousness, and mercy, and faith; but it is right for you to do these, and not to let the others be undone.
ουαι υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι αποδεκατουτε το ηδουσμον και το ανηθον και το κυμινον και αφηκατε τα βαρύτερα του νομου την κρισιν και τον ελεον και την πιστιν ταυτα εδει ποιησαι κακεινα μη αφειναι
- 24 Nou menm k'ap kondi pèp la, nou se yon bann avèg pou tèt pa nou. Nou pase lèt la nan paswa pou nou wete ti mouch ki tonbe ladan li. Men, nou vale yon chwal!
You blind guides, who take out a fly from your drink, but make no trouble over a camel.
οδηγοι τυφλοι οι διυλιζοντες τον κωνωπα την δε καμηλον καταπινωντες
- 25 Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou netwaye tout deyò gode a ak deyò plat la byen netwaye. Men, anndan yo plen ak bagay nou pran nan vòlò, nan fè visye.
A curse is on you, scribes and Pharisees, false ones! for you make clean the outside of the cup and of the plate, but inside they are full of violent behaviour and uncontrolled desire.
ουαι υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι καθαριζετε το εξωθεν του ποτηριου και της παρορηιδος εσωθεν δε γεμουσιν εξ αρπαγης και ακρασιας
- 26 Farizyen avèg! Pwòpte anndan gode a ak anndan plat la anvan. Se lè sa a deyò yo va pwòp tou.
You blind Pharisee, first make clean the inside of the cup and of the plate, so that the outside may become equally clean.
φαρισαιε τυφλε καθαρισον πρωτον το εντος του ποτηριου και της παρορηιδος ινα γενηται και το εκτος αυτων καθαρον
- 27 Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou sanble tonm yo blanchi nan simityè. Deyò yo parèt byen bèl, anndan yo plen ak zosman mò ak tout kalite vye bagay pouri.
A curse is on you, scribes and Pharisees, false ones! for you are like the resting-places of the dead, which are made white, and seem beautiful on the outside, but inside are full of dead men's bones and of all unclean things.
ουαι υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι παρομοιαζετε ταφοις κεκονιαμενοις οιτινες εξωθεν μεν φαινονται ωραιοι εσωθεν δε γεμουσιν οσσεων νεκρων και πασης ακαθαρσιας
- 28 Konsa tou, sou deyò nan je moun, nou sanble moun k'ap mache dwat devan Bondye. Men anndan kè nou, nou plen ipokrizi ak mehanste.
Even so you seem to men to be full of righteousness, but inside you are all false and full of wrongdoing.
ουτως και υμεις εξωθεν μεν φαινεσθε τοις ανθρωποις δικαιοι εσωθεν δε μεστοι εστε υποκρισεως και ανομιας
- 29 Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Gade, n'ap bati bèl tonm pou pwofèt yo, nou mete flè sou kavo moun ki te mache dwat devan Bondye yo.
A curse is on you, scribes and Pharisees, false ones! because you put up buildings for housing the dead bodies of the prophets, and make fair the last resting-places of good men, and say,
ουαι υμιν γραμματεις και φαρισαιοι υποκριται οτι οικοδομειτε τους ταφους των προφητων και κοσμειτε τα μνημεια των δικαιων
- 30 Epi n'ap di: Si nou te viv nan tan zansèt nou yo, nou pa ta dakò ak yo lè yo t'ap touye pwofèt yo.
If we had been living in the days of our fathers, we would not have taken part with them in the blood of the prophets.
και λεγετε ει ημεν εν ταις ημεραις των πατερων ημων ουκ αν ημεν κοινονοι αυτων εν το αιματι των προφητων
- 31 Lè nou di sa, nou admèt nou menm tou se pitit pitit moun ki te ansasinen pwofèt yo nou ye.
So that you are witnesses against yourselves that you are the sons of those who put the prophets to death.
ωστε μαρτυρειτε εαυτοις οτι υιοι εστε των φονευσαντων τους προφητας
- 32 Konsa, nou mèl fin fè sa zansèt nou yo te kòmanse fè a.
Make full, then, the measure of your fathers.
και υμεις πληρωσατε το μετρον των πατερων υμων
- 33 Bann rize, bann vèmen! Kouman n'a fè chape anba chatiman lanfè a?
You snakes, offspring of snakes, how will you be kept from the punishment of hell?
οφεις γεννηματα εχιδων πως φυγητε απο της κρισεως της γεεννης
- 34 ¶ Se poutèt sa, men sa ki genyen: mwen pral voye pwofèt, moun ki gen bon konprann ak dirèktè lalwa ban nou. Nou pral touye kèk, gen ladan yo n'ap kloure sou kwa, gen ladan yo n'ap bat ak fwèt nan sinagòg nou yo, n'ap pousib yo soti yon lavil al nan yon lòt.
For this reason, I send you prophets, and wise men, and scribes: some of them you will put to death and put on the cross, and to some of them you will give blows in your Synagogues, driving them from town to town;
δια τουτο ιδου εγω αποστελλω προς υμας προφητας και σοφους και γραμματεις και εξ αυτων αποκτενειτε και σταυρωσετε και εξ αυτων μαστιγωσετε εν ταις συναγωγαϊς υμων και διωξετε απο πολεως εις πολιν

- 35 Konsa, n'ap reskonsab san tout inonsan ki koule sou latè, depi san Abèl, nonm ki te fè sa ki byen devan Bondye a, jouk san Zakari, pitit Barachi, moun nou te ansasinen ant lòtèl la ak kote ki rezève apa pou Bondye nan tanp lan.
So that on you may come all the blood of the upright on the earth, from the blood of upright Abel to the blood of Zachariah, son of Barachiah, whom you put to death between the Temple and the altar.
ὅπως ἔλθῃ ἐφ' ὑμᾶς πᾶν αἷμα δίκαιον ἐκχυνόμενον ἐπὶ τῆς γῆς ἀπο τοῦ αἵματος ἀβὲλ τοῦ δίκαιου ἕως τοῦ αἵματος ζαχαρίου υἱοῦ βαραχίου ὃν ἐφρονέυσατε μεταξύ τοῦ ναοῦ καὶ τοῦ θυσιαστηρίου
- 36 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Chatiman gen pou tonbe sou moun k'ap viv koulye a pou tout krim sa yo.
Truly I say to you, All these things will come on this generation.
ἀμὴν λέγω ὑμῖν ἡξεῖ ταῦτα πάντα ἐπὶ τὴν γενεὰν ταύτην
- 37 Jerizalèm, Jerizalèm, ou menm ki touye pwofèt yo, ou menm k'ap touye moun Bondye voye ba ou yo ak kout wòch, depi lontan mwen te vle sanble moun ou yo tankou manman poul k'ap sanble pitit li anba zèl li, men ou pa t' vle!
O Jerusalem, Jerusalem, putting to death the prophets, and stoning those who are sent to her! Again and again would I have taken your children to myself as a bird takes her young ones under her wings, and you would not!
ιερουσαλήμ ἱερουσαλήμ ἡ ἀποκτείνουσα τοὺς προφήτας καὶ λιθοβολοῦσα τοὺς ἀπεσταλμένους πρὸς αὐτὴν ποσακὶς ἠθέλησα ἐπισυναγαγεῖν τὰ τέκνα σου ὡς ὄρνις ἐπισυναγαγεῖ ὄρνις τὰ νοσσία αὐτῆς ὑπο τὰς πτερύγας καὶ οὐκ ἠθέλησατε
- 38 Enben, tout kay ou yo pral rete san yon moun ladan yo.
See, your house is made waste.
ἰδοὺ ἀφιεῖται ὑμῖν ὁ οἶκος ὑμῶν ἐρημῶς
- 39 Paske, m'ap di ou sa: Depi jòdi a, nou p'ap wè m' ankò jouk lè a va rive pou nou di: Benediksyon pou Moun ki vini nan non Mèt la.
For I say to you, You will not see me from this time till you say, A blessing on him who comes in the name of the Lord.
λέγω γὰρ ὑμῖν οὐ μὴ με ἴδητε ἀπ' ἄρτι ἕως ἂν εἰπῆτε εὐλογημένος ὁ ἐρχόμενος ἐν ὀνόματι κυρίου
- 1 ¶ Jezi soti nan tanp lan, li tapral fè wout li lè disip li yo pwoche bò kote li. Yo t'ap fè l' wè ki jan tanp lan te byen bati.
And Jesus went out of the Temple, and on the way his disciples came to him, pointing out the buildings of the Temple.
καὶ ἐξελθὼν ὁ ἰησοῦς ἐπορεύετο ἀπο τοῦ ἱεροῦ καὶ προσήλθον οἱ μαθηταὶ αὐτοῦ ἐπιδειξάμενοι αὐτῷ τὰς οἰκοδομὰς τοῦ ἱεροῦ
- 2 Men li di yo: Nou wè tout bagay sa yo! Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Yon lè p'ap gen de wòch k'ap rete kanpe yonn sou lòt. Tou sa pral kraze nèt vide atè.
But he, answering, said to them, See you not all these things? truly I say to you that here there will not be one stone resting on another, which will not be pulled down.
ὁ δὲ ἰησοῦς εἶπεν αὐτοῖς οὐ βλέπετε πάντα ταῦτα ἀμὴν λέγω ὑμῖν οὐ μὴ ἀφεθῇ ὧδε λίθος ἐπὶ λίθῳ ὃς οὐ μὴ καταλυθῆσεται
- 3 Jezi te chita sou mòn Oliv la. Disip li yo te pou kont yo avèk li. Yo pwoche bò kote l', yo mande li: Manyè di nou kilè sa va rive? Di nou ki siy ki va fè nou konnen lè w'ap vini an, lè tan sa a va fini nèt?
And while he was seated on the Mountain of Olives, the disciples came to him privately, saying, Make clear to us, when will these things be? and what will be the sign of your coming and of the end of the world?
καθημένου δὲ αὐτοῦ ἐπὶ τοῦ ὄρους τῶν ἐλαιῶν προσήλθον αὐτῷ οἱ μαθηταὶ κατ' ἰδίαν λέγοντες εἰπε ἡμῖν ποτε ταῦτα ἔσται καὶ τί το σημεῖον τῆς σῆς παρουσίας καὶ τῆς συντέλειας τοῦ αἰῶνος
- 4 ¶ Jezi reponn yo: Atansyon pou pesonn pa twonpe nou.
And Jesus said to them in answer, Take care that you are not tricked.
καὶ ἀποκριθεὶς ὁ ἰησοῦς εἶπεν αὐτοῖς βλέπετε μὴ τις ὑμᾶς πλανήσῃ
- 5 Paske, anpil moun va vini sou non mwen, y'a di se yo menm ki Kris la. y'a twonpe anpil moun.
For people will come in my name, saying, I am the Christ; and a number will be turned from the true way through them.
πολλοὶ γὰρ ἐλεύσονται ἐπὶ τῷ ὀνόματι μου λέγοντες ἐγὼ εἰμι ὁ χριστὸς καὶ πολλοὺς πλανήσουσιν
- 6 Nou pral tande lagè ap fèt toupre nou, ansanm ak nouèl lagè k'ap fèt byen lwen. Koute sa m'ap di nou byen: nou pa bezwen pè. Paske, fòk bagay sa yo rive. Men, se p'ap ankò lafen an sa.
And news will come to you of wars and talk of wars: do not be troubled, for these things have to be; but it is still not the end.
μελλήσετε δὲ ἀκοεῖν πολέμους καὶ ἀκοὰς πολέμων ὁρατε μὴ θροεῖσθε· δεῖ γὰρ πάντα γενέσθαι ἀλλ' οὐπω ἔστιν τὸ τέλος
- 7 Yon pèp pral leve goumen ak yon lòt pèp. Yon peyi va atake yon lòt peyi. Va gen anpil grangou, va gen tranblemanntè divès kote.
For nation will be moved against nation, and kingdom against kingdom, and men will be without food, and the earth will be shaking in different places;
ἐγερθήσεται γὰρ ἔθνος ἐπὶ ἔθνος καὶ βασιλεία ἐπὶ βασιλείαν καὶ ἔσονται λιμοὶ καὶ λοιμοὶ καὶ σεισμοὶ κατὰ τοπούς

- 8 **Tou sa, se va tankou tranche anvan akouchman.**
But all these things are the first of the troubles.
 παντα δε ταυτα αρχη ωδινων
- 9 **Lè sa a, y'ap pran nou, y'ap lage nou nan men moun k'ap fè nou pase touman, y'ap touye nou. Moun tout nasyon pral rayi nou poutèt mwen.**
Then they will be cruel to you, and will put you to death: and you will be hated by all nations because of my name.
 τοτε παραδωσουσιν υμας εις θλιψιν και αποκτενουσιν υμας και εσεσθε μισουμενοι υπο παντων των εθνων δια το ονομα μου
- 10 **Lè sa a, anpil moun pral jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche, yonn pral denonse lòt, yonn pral rayi lòt.**
And numbers of people will be turned from the right way, and will give one another up and have hate for one another.
 και τοτε σκανδαλισθησονται πολλοι και αλληλους παραδωσουσιν και μισησουσιν αλληλους
- 11 **Gen anpil moun k'ap parèt, y'ap pran pòz pwofèt yo, y'a twonpe anpil moun.**
And a number of false prophets will come, causing error.
 και πολλοι ψευδοπροφηται εγερθησονται και πλανησουσιν πολλους
- 12 **Ap sitèlman gen mechanste sou latè, pifò moun yonn p'ap renmen lòt.**
And because wrongdoing will be increased, the love of most people will become cold.
 και δια το πληθυνθηνα την ανομιαν ψυγησεται η αγαπη των πολλων
- 13 **Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va delivre.**
But he who goes through to the end will get salvation.
 ο δε υπομεινας εις τελος ουτος σωθησεται
- 14 **Fòk yo gen tan mache bay bon nouvèl Peyi kote Bondye Wa a toupatou sou latè, pou tout moun ka tande mesaj la. Se lè sa a atò lafen an va rive.**
And this good news of the kingdom will be given through all the world for a witness to all nations; and then the end will come.
 και κηρυχθησεται τουτο το ευαγγελιον της βασιλειας εν ολη τη οικουμενη εις μαρτυριον πασιν τοις εθνεσιν και τοτε ηξει το τελος
- 15 **Pwofèt Danyèl te pale sou bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan. Enben, nou gen pou nou wè bagay sa a chita kote ki rezève nan tanp lan apa pou Bondye. (Se pou moun k'ap li a chache konprann.)**
When, then, you see in the holy place the unclean thing which makes destruction, of which word was given by Daniel the prophet (let this be clear to the reader),
 οταν ουν ιδητε το βδελυγμα της ερημωσης το ρηθεν δια δανιηλ του προφητου εστος εν τοπω αγιω ο αναγινωσκων νοειτω
- 16 **Lè sa a, tout moun ki nan peyi Jide pral blije sove al nan mòn.**
Then let those who are in Judaea go in flight to the mountains:
 τοτε οι εν τη ιουδαια φυγετωσαν επι τα ορη
- 17 **Moun ki va sou tèt kay yo, yo p'ap bezwen antre pran zafè yo nan kay la.**
Let not him who is on the house-top go down to take anything out of his house:
 ο επι του δωματος μη καταβαινετω αραι τι εκ της οικιας αυτου
- 18 **Moun ki nan jaden pa bezwen tounen lakay yo al pran rechanj.**
And let not him who is in the field go back to get his coat.
 και ο εν τω αγρω μη επιστρεψατω οπισω αραι τα ιματια αυτου
- 19 **Lè sa a, se p'ap de doulè pou fanm ansent ak nouris yo.**
But it will be hard for women who are with child and for those with babies at the breast in those days.
 ουαι δε ταις εν γαστρι εχουσαις και ταις θηλαζουσαις εν εκειναις ταις ημεραις
- 20 **Lapriyè Bondye pou jou n'a gen pou n' kouri a pa rive ni nan tan fredy, ni yon jou saba.**
And say a prayer that your flight may not be in the winter, or on a Sabbath.
 προσευχεσθε δε ινα μη γενηται η φυγη υμων χειμωνος μηδε εν σαββατω
- 21 **Paske lè sa a, va gen yon gwo lafliksyon moun poko janm wè depi nan konmansman lè Bondye t'ap kreye latè a jouk jòdi a. p'ap janm gen yon lòt tankou l' ankò.**
Because in those days there will be great sorrow, such as there has not been from the start of the world till now, or ever will be.
 εσται γαρ τοτε θλιψις μεγαλη οια ου γεγονεν απ αρχης κοσμου εως του νυν ουδ ου μη γενηται

- 22 Si yo pa t' wete kèk jou sou jou sa yo, pesonn pa ta sove. Men, y'a wete sou jou sa yo poutèt moun Bondye chwazi yo.
And if those days had not been made short there would have been no salvation for any, but because of the saints those days will be made short.
και ει μη εκολοβωθησαν αι ημεραι εκειναι ουκ αν εσωθη πασα σαρξ δια δε τους εκλεκτους κολοβωθησονται αι ημεραι εκειναι
- 23 Lè sa a, si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon: Men li bò la a, pa kwè li.
Then if any man says to you, See, here is the Christ, or, Here; do not put faith in him;
τοτε εαν τις υμιν ειπη ιδου ωδε ο χριστος η ωδε μη πιστευσητε
- 24 Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. y'a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab.
For there will come up false Christs, and false prophets, who will do great signs and wonders; so that if possible even the saints might be tricked.
εγερθησονται γαρ ψευδοχριστοι και ψευδοπροφηται και δωσουσιν σημεια μεγαλα και τερατα ωστε πλανησαι ει δυνατον και τους εκλεκτους
- 25 Mwen di nou sa davans.
See, I have made it clear to you before it comes about.
ιδου προειρηκα υμιν
- 26 Se pou si yo di nou: Gade, men l' nan dezè a, nou pa bezwen ale. Osinon, si yo di nou: Gade, men l' kache bò isit la, nou pa bezwen kwè yo.
If, then, they say to you, See, he is in the waste land; go not out: See, he is in the inner rooms; put no faith in it.
εαν ουν ειπωσιν υμιν ιδου εν τη ερημω εστιν μη εξελθητε ιδου εν τοις ταμειοις μη πιστευσητε
- 27 Menm jan zèklè a fè yan, li klere tout syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' vini.
Because as in a thunderstorm the bright light coming from the east is seen even in the west; so will be the coming of the Son of man.
ωσπερ γαρ η αστραπη εξερχεται απο ανατολων και φαινεται εως δυσμων ουτως εσται και η παρουσία του υιου του ανθρωπου
- 28 Kote kadav la va ye a, se la votou yo va sanble.
Wherever the dead body is, there will the eagles come together.
οπου γαρ εαν η το πτωμα εκει συναχθησονται οι αετοι
- 29 Kou jou lafiksyon sa yo fin pase, solèy la p'ap klere ankò, lalin lan p'ap bay limyè l' ankò, zetwal yo va soti tonbe nan syèl la. Pouvwa yo ki nan syèl la va pran tranble.
But straight away, after the trouble of those days, the sun will be made dark and the moon will not give her light and the stars will come down from heaven and the powers of heaven will be moved:
ευθεως δε μετα την θλιψιν των ημερων εκεινων ο ηλιος σκοτισθησεται και η σεληνη ου δωσει το φεγγος αυτης και οι αστερες πεσουνται απο του ουρανου και αι δυναμεις των ουρανων σαλευθησονται
- 30 Lè sa a, n'a wè siy nan syèl la k'ap fè nou konnen Moun Bondye voye nan lachè a ap tounen. Lè sa a, tout nasyon ki sou latè va pran kriye. y'a wè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini anwo nwaj
And then the sign of the Son of man will be seen in heaven: and then all the nations of the earth will have sorrow, and they will see the Son of man coming on the clouds of heaven with power and great glory.
και τοτε φανησεται το σημειον του υιου του ανθρωπου εν τω ουρανω και τοτε κοψονται πασαι αι φυλαι της γης και οψονται τον υιον του ανθρωπου ερχομενον επι των νεφελων του ουρανου μετα δυν αμεως και δοξης πολλης
- 31 Gwo klewon an va sonnen, la voye zanj li yo nan kat kwen latè pou sanble tout moun Bondye te chwazi yo, depi yon bout nan syèl la jouk nan lòt bout la.
And he will send out his angels with a great sound of a horn, and they will get his saints together from the four winds, from one end of heaven to the other.
και αποστελει τους αγγελους αυτου μετα σαλπιγγος φωνης μεγαλης και επισυναξουσιν τους εκλεκτους αυτου εκ των τεσσαρων ανεμων απ ακρων ουρανων εως ακρων αυτων
- 32 ¶ Pran lesou sou pye fig frans lan. Kou l' kòmanse boujonnen, kou l' pouse fèy, nou konnen sezon chalè a sou nou.
Now take an example from the fig-tree: when her branch has become soft and puts out its leaves, you are certain that the summer is near;
απο δε της συκης μαθετε την παραβολην οταν ηδη ο κλαδος αυτης γενηται απαλος και τα φυλλα εκφυη γινωσκετε οτι εγγυς το θερος
- 33 Menm jan an tou, lè n'a wè tout bagay sa yo rive, nou mèt konnen Moun Bondye voye nan lachè a toupre, li la nan papòt la.
Even so, when you see all these things, you may be certain that he is near, even at the doors.
ουτως και υμεις οταν ιδητε παντα ταυτα γινωσκετε οτι εγγυς εστιν επι θυραις
- 34 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: gen moun nan jenerasyon sa a ki p'ap gen tan mouri anvan tout bagay sa yo rive.
Truly I say to you, This generation will not come to an end till all these things are complete.
αμην λεγω υμιν ου μη παρελθη η γενεα αυτη εως αν παντα ταυτα γενηται

- 35 Syèl la ak tout tè a va pase, men pawòl mwen p'ap janm pase.
Heaven and earth will come to an end, but my words will not come to an end.
ο ουρανος και η γη παρελευσονται οι δε λογοι μου ου μη παρελθωσιν
- 36 Men, pesonn pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive, pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a konn sa.
But of that day and hour no one has knowledge, not even the angels in heaven, or the Son, but the Father only.
περι δε της ημερας εκεινης και της ωρας ουδεις οιδεν ουδε οι αγγελιοι των ουρανων ει μη ο πατηρ μου μονος
- 37 Sak te rive nan tan Noe a, se sa k'ap rive tou lè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini.
And as were the days of Noah, so will be the coming of the Son of man.
ωσπερ δε αι ημεραι του νωε ουτως εσται και η παρουσια του υιου του ανθρωπου
- 38 Se konsa, nan jou anvan gwo inondasyon an, moun t'ap manje, yo t'ap bwè, moun t'ap marye, yo t'ap marye pitit fi yo. Konsa konsa, jouk jou Noe te antre nan gwo batiman an.
Because as in those days before the overflowing of the waters, they were feasting and taking wives and getting married, till the day when Noah went into the ark,
ωσπερ γαρ ησαν εν ταις ημεραις ταις προ του κατακλυσμου τρωγοντες και πινοντες γαμουντες και εκγαμιζοντες αχρι ης ημερας εισηλθεν νωε εις την κιβωτον
- 39 Yo pa t' konprann anyen nan sa ki t'ap pase, jouk lè gwo inondasyon an fèt, li pote yo tout ale. Se va menm jan an tou lè Moun Bondye voye nan lachè a va vini.
And they had no care till the waters came and took them all away; so will be the coming of the Son of man.
και ουκ εγνωσαν εως ηλθεν ο κατακλυσμος και ηρεν απαντας ουτως εσται και η παρουσια του υιου του ανθρωπου
- 40 Lè sa a, va gen de gason nan yon menm jaden, y'ap pran yonn, y'ap kite lòt la.
Then two men will be in the field; one is taken, and one let go;
τοτε δυο εσονται εν τω αγρω ο εις παραλαμβανεται και ο εις αφιεται
- 41 Va gen de fanm k'ap moulen mayi, y'ap pran yonn, y'ap kite lòt la.
Two women will be crushing grain; one is taken, and one let go.
δυο αληθουσαι εν τω μυλωνι μια παραλαμβανεται και μια αφιεται
- 42 Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, paske nou pa konnen ki jou Mèt nou va vini.
Be watching, then! for you have no knowledge on what day your Lord will come.
γρηγορειτε ουν οτι ουκ οιδατε ποια ωρα ο κυριος υμων ερχεται
- 43 Se yon bagay nou tout dwe konnen: Si mèt kay la te konnen kilè nan lannwit lan vòlò a t'ap vini, li ta veye, li pa ta kite l' kase kay la.
But be certain of this, that if the master of the house had had knowledge of the time when the thief was coming, he would have been watching, and would not have let his house be broken into.
εκεινο δε γινωσκετε οτι ει ηδει ο οικοδεσποτης ποια φυλακη ο κλεπτης ερχεται εγρηγορησεν αν και ουκ αν ειασεν διορυγηται την οικιαν αυτου
- 44 Se pou sa tou, nou menm se pou nou toujou pare, paske Moun Bondye voye nan lachè a ap vini lè nou pa ta kwè.
Be ready then; for at a time which you have no thought of the Son of man will come.
δια τουτο και υμεις γινεσθε ετοιμοι οτι η ωρα ου δοκειτε ο υιος του ανθρωπου ερχεται
- 45 Ki moun ki ka di li se yon jeran entelijan ki fè tout travay li byen? Se moun sa a mèt kay la va mete pou veye sou moun nan kay la, pou bay lòt domestik yo manje lè pou yo manje.
Who is the true and wise servant, whom his lord has put over those in his house, to give them their food at the right time?
τις αρα εστιν ο πιστος δουλος και φρονιμος ον κατεστησεν ο κυριος αυτου επι της θεραπειας αυτου του διδοναι αυτοις την τροφην εν καιρω
- 46 Se va bèl bagay pou domestik la si mèt la jwenn li ap fè travay li lè l' tounen lakay li.
A blessing on that servant, who will be doing so when his lord comes.
μακαριος ο δουλος εκεινος ον ελθων ο κυριος αυτου ευρησει ποιουντα ουτως
- 47 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Mèt la va mete l' reskonsab tout byen l' yo.
Truly, I say to you, he will put him over all he has.
αμην λεγω υμιν οτι επι πασιν τοις υπαρχουσιν αυτου καταστησει αυτον
- 48 Men, si domestik sa a se yon move moun, l'ap di nan kè l': Mèt mwen ap fè reta. Li poko ap vini.
But if that evil servant says in his heart, My lord is a long time in coming;
εαν δε ειπη ο κακος δουλος εκεινος εν τη καρδια αυτου χρονιζει ο κυριος μου ελθειν

- 49 L'ap tonbe bat kanmarad li yo, l'ap rete ap plede manje, ap plede bwè ak tafyatè.
And is cruel to the other servants, taking his pleasure with those who are overcome with wine;
και αρξεται τυπτειν τους συνδουλους εσθιειν δε και πινειν μετα των μεθυοντων
- 50 Mèt domestik sa a va rive jou l' pa t'ap tann, yon lè li p'ap konnen.
The lord of that servant will come in a day when he is not looking for him, and in an hour of which he has no knowledge,
ηξει ο κυριος του δουλου εκεινου εν ημερα η ου προσδοκα και εν ωρα η ου γινωσκει
- 51 L'ap rachonnen msye anba kou, l'ap regle avè l' menm jan yo regle ak moun ipokrit yo. Se lè sa a va gen rèl, se lè sa a va gen manje dan.
And will have him cut in two, and will give him a part in the fate of the false ones: there will be weeping and cries of sorrow.
και διχοτομησει αυτον και το μερος αυτου μετα των υποκριτων θησει εκει εσται ο κλαυθος και ο βρυγμος των οδοντων
- 1 ¶ Se konsa, nan Peyi Wa ki nan syèl la se va tankou istwa dis jennfi ki pran lanp yo, ki soti al kontre msye marye a.
Then the kingdom of heaven will be like ten virgins, the friends of the bride, who took their lights, and went out with the purpose of meeting the husband.
τοτε ομοιωθησεται η βασιλεια των ουρανων δεκα παρθενοι αιτινες λαβουσαι τας λαμπαδας αυτων εξηλθον εις απαντησιν του νυμφιου
- 2 Senk nan yo te tèt chaje, senk lòt yo te gen bon konprann.
And five of them were foolish, and five were wise.
πεντε δε ησαν εξ αυτων φρονιμοι και αι πεντε μωραι
- 3 Tèt chaje yo te pran lanp yo ase. Yo pa t' pote gaz an rezèn.
For the foolish, when they took their lights, took no oil with them.
αιτινες μωραι λαβουσαι τας λαμπαδας εαυτων ουκ ελαβον μεθ εαυτων ελαιον
- 4 Men sa ki te gen bon konprann yo te pote yon boutèy plen gaz ansanm ak lanp yo.
But the wise took oil in their vessels with their lights.
αι δε φρονιμοι ελαβον ελαιον εν τοις αγγειοις αυτων μετα των λαμπαδων αυτων
- 5 Pandan yo t'ap tann msye marye a ki te an reta, yo tout pran kabicha, dòmi vòlò yo.
Now the husband was a long time in coming, and they all went to sleep.
χρονιζοντος δε του νυμφιου ενυσταζαν πασαι και εκαθευδον
- 6 Nan mitan lannwit lan, yon rèl pati: Men msye marye a. Ann al kontre li.
But in the middle of the night there is a cry, The husband comes! Go out to him.
μεσης δε νυκτος κραυγη γεγονεν ιδου ο νυμφιος ερχεται εξερχεσθε εις απαντησιν αυτου
- 7 Dis jennfi yo leve, yo pran pare lanp yo.
Then all those virgins got up, and made ready their lights.
τοτε ηγερθησαν πασαι αι παρθενοι εκειναι και εκοσμησαν τας λαμπαδας αυτων
- 8 Tèt chaje yo mande sak gen bon konprann yo: Tanpri, ban nou ti gout nan gaz nou pote a, paske lanp pa nou yo ap mouri.
And the foolish said to the wise, Give us of your oil; for our lights are going out.
αι δε μωραι ταις φρονιμοις ειπον δοτε ημιν εκ του ελαιου υμων οτι αι λαμπαδες ημων σβεννυνται
- 9 Men, senk ki te gen bon konprann yo reponn: Non, nou pa kapab, paske pa gen ase pou nou tout. Pito n' al achte nan men machann yo.
But the wise made answer, saying, There may not be enough for us and you; it would be better for you to go to the traders and get oil for yourselves.
απεκριθησαν δε αι φρονιμοι λεγουσαι μηποτε ουκ αρκεση ημιν και υμιν πορευεσθε δε μαλλον προς τους πωλουντας και αγορασατε εαυταις
- 10 Antan tèt chaje yo al achte gaz la, msye marye a vin rive. Senk jennfi ki te pare yo antre ansanm avè l' nan kay nòs la. Yo fèmen pòt la dèyè yo.
And while they went to get oil, the master came; and those who were ready went in with him to the feast: and the door was shut.
απερχομενων δε αυτων αγορασαι ηλθεν ο νυμφιος και αι ετοιμοι εισηλθον μετ αυτου εις τους γαμους και εκλεισθη η θυρα
- 11 Pita, lòt jennfi yo vin rive, yo di konsa: Mèt, Mèt, louvri pou nou.
After that the other virgins came, saying, Lord, Lord, let us in.
υστερον δε ερχονται και αι λοιπαι παρθενοι λεγουσαι κυριε κυριε ανοιξον ημιν

- 12 Men msye marye a reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: m' pa konnen nou.
But he made answer and said, Truly I say to you, I have no knowledge of you.
ο δε αποκριθεις ειπεν αμην λεγω υμιν ουκ οιδα υμας
- 13 Apre sa, Jezi di yo: Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, paske, nou pa konnen ni ki jou, ni ki lè sa va rive.
Keep watch, then, because you are not certain of the day or of the hour.
γρηγορευετε ουν οτι ουκ οιδατε την ημεραν ουδε την ωραν εν η ο υιος του ανθρωπου ερχεται
- 14 ¶ Vwala, se va tankou yon nonm ki tapral pati pou yon vwayaj. Li rele domestik li yo, li mete yo reskonsab byen li yo.
For it is as when a man, about to take a journey, got his servants together, and gave them his property.
ωσπερ γαρ ανθρωπος αποδημων εκαλεσεν τους ιδιους δουλους και παρεδωκεν αυτοις τα υπαρχοντα αυτου
- 15 Li bay yonn senkmil (5.000) goud, li bay yon lòt demil (2.000) goud, li bay yon twazyèm mil (1.000) goud. Konsa li bay yo chak dapre sa l' konnen yo ka fè. Lèfini, li pati.
And to one he gave five talents, to another two, to another one; to everyone as he was able; and he went on his journey.
και ω μεν εδωκεν πεντε ταλαντα ω δε δυο ω δε εν εκαστω κατα την ιδιαν δυναμιν και απεδημησεν ευθεως
- 16 Lamenm, domestik ki te resewva senkmil (5.000) goud la al fè lajan an travay. Li rapòte l' senkmil (5.000) goud benefis.
Straight away he who had been given the five talents went and did trade with them, and made five more.
πορευθεις δε ο τα πεντε ταλαντα λαβων ειργασατο εν αυτοις και εποιησεν αλλα πεντε ταλαντα
- 17 Konsa tou, domestik ki te resewva demil (2.000) goud la fè demil (2.000) goud benefis.
In the same way he who had been given the two got two more.
ωσαυτως και ο τα δυο εκερδησεν και αυτος αλλα δυο
- 18 Sa ki te resewva mil (1.000) goud la menm ale, li fouye yon twou nan tè, li sere lajan mèl la.
But he who was given the one went away and put it in a hole in the earth, and kept his lord's money in a secret place.
ο δε το εν λαβων απελθων ωρυξεν εν τη γη και απεκρυψεν το αργυριον του κυριου αυτου
- 19 Lontan apre sa, mèl domestik yo tounen, li pran fè regleman ak yo.
Now after a long time the lord of those servants comes, and makes up his account with them.
μετα δε χρονον πολυν ερχεται ο κυριος των δουλων εκεινων και συναιρει μετ αυτων λογον
- 20 Domestik ki te resewva senkmil goud la pwoche, li pote senkmil goud benefis la ba li, li di: Mèt, ou te ban mwen senkmil goud. Men senkmil goud benefis mwen fè.
And he who had the five talents came with his other five talents, saying, Lord, you gave into my care five talents: see, I have got five more.
και προσελθων ο τα πεντε ταλαντα λαβων προσηνεγκεν αλλα πεντε ταλαντα λεγων κυριε πεντε ταλαντα μοι παρεδοκας ιδε αλλα πεντε ταλαντα εκερδησα επ αυτοις
- 21 Mèt la di l': Sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè toujou. vin fè fèt avèk mèl ou.
His lord said to him, Well done, good and true servant: you have been true in a small thing, I will give you control over great things: take your part in the joy of your lord.
εφη δε αυτω ο κυριος αυτου ευ δουλε αγαθε και πιστε επι ολιγα ης πιστος επι πολλων σε καταστησω εισελθε εις την χαραν του κυριου σου
- 22 Domestik ki te resewva demil goud la pwoche apre sa, li di: Mèt, ou te ban mwen demil goud, men demil goud benefis mwen fè.
And he who had the two talents came and said, Lord, you gave into my care two talents: see, I have got two more.
προσελθων δε και ο τα δυο ταλαντα λαβων ειπεν κυριε δυο ταλαντα μοι παρεδοκας ιδε αλλα δυο ταλαντα εκερδησα επ αυτοις
- 23 Mèt la di l': Sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou te fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè ankò. vin fè fèt avèk mèl ou.
His lord said to him, Well done, good and true servant: you have been true in a small thing, I will give you control over great things: take your part in the joy of your lord.
εφη αυτω ο κυριος αυτου ευ δουλε αγαθε και πιστε επι ολιγα ης πιστος επι πολλων σε καταστησω εισελθε εις την χαραν του κυριου σου
- 24 Apre sa, domestik ki te resewva sèlman mil goud la pwoche, li di: Mèt, mwen konnen ou se yon nonm ki di. Ou rekolte kote ou pa t' simen, ou ranmase kote ou pa t' plante.
And he who had had the one talent came and said, Lord, I had knowledge that you are a hard man, getting in grain where you have not put seed, and making profits for which you have done no work:
προσελθων δε και ο το εν ταλαντον ειληφως ειπεν κυριε εγνων σε οτι σκληρος ει ανθρωπος θεριζων οπου ουκ εσπειρας και συναγων οθεν ου διεσκορπισας
- 25 Mwen te pè, se sak fè mwen te al sere mil goud ou a anba tè. Men, pran lajan ou.
And I was in fear, and went away, and put your talent in the earth: here is what is yours.
και φοβηθεις απελθων εκρυψα το ταλαντον σου εν τη γη ιδε εχεις το σου

- 26 Mèt la reponn li: Gade jan ou se yon move domestik, ou parese konsa! Ou te konnen mwen rekolte kote mwen pa t' simen, mwen ranmase kote mwen pa t' plante.
But his lord in answer said to him, You are a bad and unready servant; if you had knowledge that I get in grain where I did not put seed, and make profits for which I have done no work,
αποκριθεις δε ο κυριος αυτου ειπεν αυτω πονηρε δουλε και οκνηρε ηδεις οτι θεριζω οπου ουκ εσπειρα και συναγω οθεν ου διεσκορπισα
- 27 Enben, se pou ou te mete lajan m' labank. Lè m' ta tounen, mwen ta wete manman lajan an ak yon enterè sou li.
Why, then, did you not put my money in the bank, and at my coming I would have got back what is mine with interest?
εδει ουν σε βαλειν το αργυριον μου τοις τραπεζιταις και ελθων εγω εκομισαμην αν το εμον συν τοκω
- 28 Wete mil goud la nan men l', pran l' bay sa ki gen dimil (10.000) goud la.
Take away, then, his talent and give it to him who has the ten talents.
αρατε ουν απ αυτου το ταλαντον και δοτε τω εχοντι τα δεκα ταλαντα
- 29 Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò; konsa la gen depase sa l' bezwen an. Men, moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan men l' menm ti sa l' te genyen an.
For to everyone who has will be given, and he will have more: but from him who has not, even what he has will be taken away.
τω γαρ εχοντι παντι δοθησεται και περισσευθησεται απο δε του μη εχοντος και ο εχει αρθησεται απ αυτου
- 30 Kanta domestik ki pa vo anyen an, jete l' deyò nan fènwa a. Se lè sa a va gen rèl, se lè sa a va gen manje dan.
And put out the servant who is of no profit into the outer dark: there will be weeping and cries of sorrow.
και τον αχρειον δουλον εκβαλλετε εις το σκοτος το εξωτερικον εκει εσται ο κλαυθμος και ο βρυγμος των οδοντων
- 31 ¶ Lè Moun Bondye voye nan lachè a va vini nan tout bèl pouvwa li ak tout zanj li yo, la chita sou fotèy li ak tout bèl pouvwa li.
But when the Son of man comes in his glory, and all the angels with him, then will he be seated in his glory:
οταν δε ελθη ο υιος του ανθρωπου εν τη δοξη αυτου και παντες οι αγιοι αγγελοι μετ αυτου τοτε καθισει επι θρονου δοξης αυτου
- 32 Tout nasyon ki sou latè va sanble devan li. Lè sa a, la separe yo fè de gwoup, menm jan moun k'ap gade mouton mete mouton yon bò, kabrit yon bò.
And before him all the nations will come together; and they will be parted one from another, as the sheep are parted from the goats by the keeper.
και συναχθησεται εμπροσθεν αυτου παντα τα εθνη και αφοριει αυτους απ αλληλων ωσπερ ο ποιμην αφοριζει τα προβατα απο των εριφων
- 33 La mete mouton yo sou bò dwat li, kabrit yo sou bò gòch li.
And he will put the sheep on his right, but the goats on the left.
και στησει τα μεν προβατα εκ δεξιων αυτου τα δε εριφια εξ ευωνυμων
- 34 Apre sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m', vin pran posesyon peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye t'ap kreye lemonn lan.
Then will the King say to those on his right, Come, you who have the blessing of my Father, into the kingdom made ready for you before the world was:
τοτε ερει ο βασιλευς τοις εκ δεξιων αυτου δευτε οι ευλογημενοι του πατρος μου κληρονομησατε την ητοιμασμενην υμιν βασιλειαν απο καταβολης κοσμου
- 35 Mwen te grangou, nou ban m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou.
For I was in need of food, and you gave it to me: I was in need of drink, and you gave it to me: I was wandering, and you took me in;
επεινασα γαρ και εδωκατε μοι φαγειν εδιψησα και εποτισατε με ξενος ημην και συνηγαγετε με
- 36 Mwen te toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad, nou pran swen m'; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen.
I had no clothing, and you gave it to me: when I was ill, or in prison, you came to me.
γυμνος και περιβαλετε με ησθενησα και επισκεψασθε με εν φυλακη ημην και ηλθετε προς με
- 37 Lè sa a, moun ki te fè byen yo va reponn li: Mèt, kilè nou te wè ou grangou pou n' te ba ou manje? Kilè nou te wè ou swaf dlo pou nou te ba ou bwè?
Then will the upright make answer to him, saying, Lord, when did we see you in need of food, and give it to you? or in need of drink, and give it to you?
τοτε αποκριθησονται αυτω οι δικαιοι λεγοντες κυριε ποτε σε ειδομεν πεινωντα και εθρεψαμεν η διψωντα και εποτισαμεν
- 38 Kilè nou te wè ou lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon toutouni, pou n' te ba ou rad?
And when did we see you wandering, and take you in? or without clothing, and give it to you?
ποτε δε σε ειδομεν ξενον και συνηγαγομεν η γυμνον και περιεβαλομεν
- 39 Kilè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, pou n' te al wè ou?
And when did we see you ill, or in prison, and come to you?
ποτε δε σε ειδομεν ασθενη η εν φυλακη και ηλθομεν προς σε

- 40 Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti pami frè m' yo, se pou mwen nou te fè li.
And the King will make answer and say to them, Truly I say to you, Because you did it to the least of these my brothers, you did it to me.
και αποκριθεις ο βασιλευς ερει αυτοις αμην λεγω υμιν εφ οσον εποιησατε ενι τούτων των αδελφων μου των ελαχιστων εμοι εποιησατε
- 41 Apre sa, la pale avèk sa ki sou bò gòch li yo, la di: Wete kò nou sou mwen, nou menm ki gen madichon! Al nan dife ki p'ap janm mouri an, dife ki te pare pou dyab la ak zanj li yo.
Then will he say to those on the left, Go from me, you cursed ones, into the eternal fire which is ready for the Evil One and his angels:
τοτε ερει και τοις εξ ευωνυμων πορευεσθε απ εμου οι καταραμενοι εις το πυρ το αιωνιον το ητοιμασμενον τω διαβωλω και τοις αγγελιοις αυτου
- 42 Mwen te grangou, nou pa t' ban m' manje, mwen te swaf dlo, nou pa t' ban m' bwè.
For I was in need of food, and you gave it not to me; I was in need of drink, and you gave it not to me:
επεινασα γαρ και ουκ εδωκατε μοι φαγειν εδιψησα και ουκ εποτισατε με
- 43 Mwen te lwen peyi m', nou pa t' resevwa m' lakay nou. Mwen te toutouni, nou pa t' ban m' anyen pou mwen te mete sou mwen. Mwen te malad, mwen te nan prizon, nou pa t' vin wè mwen.
I was wandering, and you took me not in; without clothing, and you gave me no clothing; ill, and in prison, and you came not to me.
ξενος ημην και ου συνηγαγετε με γυμνος και ου περιεβαλετε με ασθενη και εν φυλακη και ουκ επεσκεψασθε με
- 44 Lè sa a, y'a reponn li: Mèt, kilè nou te wè ou grangou, osinon swaf dlo, kilè nou te wè ou lwen peyi ou, osinon toutouni, kilè nou te wè ou malad osinon nan prizon, jouk pou nou pa t' ba ou lasistans?
Then will they make answer, saying, Lord, when did we see you in need of food or drink, or wandering, or without clothing, or ill, or in prison, and did not take care of you?
τοτε αποκριθησονται αυτω και αυτοι λεγοντες κυριε ποτε σε ειδομεν πεινωντα η διψωντα η ξενον η γυμνον η ασθενη η εν φυλακη και ου διηκονησαμεν σοι
- 45 Wa a va reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: chak fwa nou pa t' fè sa pou yonn nan pi piti sa yo, se pou mwen nou pa t' fè li.
Then will he make answer to them, saying, Truly I say to you, Because you did it not to the least of these, you did it not to me.
τοτε αποκριθησεται αυτοις λεγων αμην λεγω υμιν εφ οσον ουκ εποιησατε ενι τούτων των ελαχιστων ουδε εμοι εποιησατε
- 46 Apre sa, l'ap voye yo resevwa chatiman ki p'ap janm fini an. Men, pou moun ki te fè byen yo, y'ap antre nan lavi ki p'ap janm fini an.
And these will go away into eternal punishment; but the upright into eternal life.
και απελευσονται ουτοι εις κολασιν αιωνιον οι δε δικαιοι εις ζωην αιωνιον
- 1 ¶ Lè Jezi fin di tout pawòl sa yo, li di disip li yo:
And when Jesus had come to the end of all these words, he said to his disciples,
και εγενετο οτε ετελεσεν ο ιησους παντας τους λογους τούτους ειπεν τοις μαθηταις αυτου
- 2 Nou konnen, nan de jou jwif yo pral fete fèt Delivrans lan. Yo pral lage Moun Bondye voye nan lachè a nan men moun ki pou kloure l' sou kwa a.
After two days is the Passover, and the Son of man will be given up to the death of the cross.
οιδατε οτι μετα δυο ημερας το πασχα γινεται και ο υιος του ανθρωπου παραδιδοται εις το σταυρωθηναι
- 3 Lè sa a, chèf prèt yo ansanm ak chèf fanmi yo ki t'ap dirije pèp la reyini nan palè granprèt yo te rele Kayif la.
Then the chief priests and the rulers of the people came together in the house of the high priest, who was named Caiaphas.
τοτε συνηχθησαν οι αρχιερεις και οι γραμματαις και οι πρεσβυτεροι του λαου εις την αυλην του αρχιερεως του λεγομενου καιαφα
- 4 Mesye yo mete tèt yo ansanm pou fè plan pou yo te ka arete Jezi pou yo fè touye li.
And they made designs together to take Jesus by some trick, and put him to death.
και συνεβουλευσαντο ινα τον ιησουν κρατησωσιν δολω και αποκτεινωσιν
- 5 Yonn t'ap di lòt: Nou pa kapab arete l' pandan fèt la pou sa pa eksite pèp la fè dezòd.
But they said, Not while the feast is going on, for fear of trouble among the people.
ελεγον δε μη εν τη εορτη ινα μη θορυβος γενηται εν τω λαω
- 6 ¶ Antan Jezi te Betani lakay Simon, nonm ki te gen maladi lalèp la,
Now when Jesus was in Bethany in the house of Simon the leper,
του δε ιησου γενομενου εν βηθανια εν οικια σιμωνος του λεπρου
- 7 yon fanm pwoche kote li. Li t'ap pote yon ti boutèy fèt an albat plen ak yon odè ki te koute byen chè. Pandan Jezi te chita bò tab la, fanm lan vide tout odè a sou tèt li.
There came to him a woman having a bottle of perfume of great price, and she put the perfume on his head when he was seated at table.
προσηλθεν αυτω γυνη αλαβαστρον μυρου εχουσα βαρυτιμου και κατεχεεν επι την κεφαλην αυτου ανακειμενου

- 8 Lè disip yo wè sa, yo pa t' kontan menm. Yo di: Pouki tout gaspiyaj sa a?
But when the disciples saw it they were angry, saying, To what purpose is this waste?
ιδοντες δε οι μαθηται αυτου ηγανακτησαν λεγοντες εις τι η απωλεια αυτη
- 9 Yo ta kapab vann odè a byen chè, yo ta bay pòn lajan an.
For we might have got much money for this and given it to the poor.
ηδυνατο γαρ τουτο το μυρον πραθηναι πολλου και δοθηναι πτωχοις
- 10 Jezi vin konnen sa yo t'ap di, li di yo konsa: Poukisa n'ap fè fanm lan tout lapenn sa a? Se yon bèl bagay li fè la a wi pou mwen.
But Jesus, seeing it, said to them, Why are you troubling the woman? she has done a kind act to me.
γνους δε ο ιησους ειπεν αυτοις τι κοπους παρεχετε τη γυναικι εργον γαρ καλον ειργασατο εις εμε
- 11 Paske, pòn yo, n'ap toujou genyen yo avèk nou. Men, mwen menm, nou p'ap genyen m' pou tout tan.
For the poor you have ever with you, but me you have not for ever.
παντοτε γαρ τους πτωχους εχετε μεθ εαυτων εμε δε ου παντοτε εχετε
- 12 Lè li vide odè sa a sou kò mwen, li tou benyen m' pou lantèman mwen.
For in putting this perfume on my body, she did it to make me ready for my last resting-place.
βαλουσα γαρ αυτη το μυρον τουτο επι του σωματος μου προς το ενταφιασαι με εποιησεν
- 13 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Toupatou sou latè, kote y'a anonse bon nouvèl sa a, y'a rakonte tou sa fanm sa a te fè pou yo pa janm bliye li.
Truly I say to you, Wherever this good news goes out in all the world, what this woman has done will be talked of in memory of her.
αμην λεγω υμιν οπου εαν κηρυχθη το ευαγγελιον τουτο εν ολω τω κοσμο λαληθησεται και ο εποιησεν αυτη εις μνημοσυνον αυτης
- 14 ¶ Lè sa a, yonn nan douz disip yo, nonm yo rele Jida Iskariòt la, al jwenn chèf prèt yo.
Then one of the twelve, who was named Judas Iscariot, went to the chief priests and said,
τοτε πορευθεις εις των δωδεκα ο λεγομενος ιουδας ισκαριωτης προς τους αρχιερεις
- 15 Li di yo: Kisa n'a ban mwen si m' fè nou pran Jezi? Yo konte trant pyès lajan ba li.
What will you give me, if I give him up to you? And the price was fixed at thirty bits of silver.
ειπεν τι θελετε μοι δουναι καγω υμιν παραδωσω αυτον οι δε εστησαν αυτω τριακοντα αργυρια
- 16 Depi lè sa a, Jida t'ap chache yon bon okazyon pou l' te ba yo Jezi.
And from that time he was watching for a chance to give him into their hands.
και απο τοτε εξητει ευκαιριαν ινα αυτον παραδω
- 17 ¶ Premye jou fèt pen san ledven yo, disip yo pwoche bò kote Jezi, yo di li: Ki bò ou ta vle nou pare manje Delivrans lan pou ou?
Now on the first day of unleavened bread the disciples came to Jesus, saying, Where are we to make ready for you to take the Passover meal?
τη δε πρωτη των αζυμων προσηλθον οι μαθηται τω ιησου λεγοντες αυτω που θελεις ετοιμασωμεν σοι φαγειν το πασχα
- 18 Li reponn yo: Ale lavil la, kay entèl. n'a di l' konsa: Mèt la voye di ou: Lè pa l' la rive, se lakay ou l'ap fete Delivrans lan ansanm ak disip li yo.
And he said to them, Go into the town to such a man, and say to him, The Master says, My time is near: I will keep the Passover at your house with my disciples.
ο δε ειπεν υπαγετε εις την πολιν προς τον δεινα και ειπατε αυτω ο διδασκαλος λεγει ο καιρος μου εγγυς εστιν προς σε ποιω το πασχα μετα των μαθητων μου
- 19 Disip yo fè sa Jezi te bay yo lòd fè a, yo pare manje Delivrans lan.
And the disciples did as Jesus had said to them; and they made ready the Passover.
και εποιησαν οι μαθηται ως συνεταξεν αυτοις ο ιησους και ητοιμασαν το πασχα
- 20 Lè solèy fin kouche, Jezi chita bò tab la ak douz disip li yo.
Now when evening was come, he was seated at table with the twelve disciples;
οψιας δε γενομενης ανεκειτο μετα των δωδεκα
- 21 Antan yo t'ap manje, Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yonn nan nou pral trayi mwen.
And while they were taking food, he said, Truly I say to you that one of you will be false to me.
και εσθιοντων αυτων ειπεν αμην λεγω υμιν οτι εις εξ υμων παραδωσει με

- 22 Sa te fè disip yo lapenn anpil. Yonn apre lòt yo pran mande li: Eske se mwen menm, Mèt?
 And they were very said, and said to him, one by one, Is it I, Lord?
 και ληπουμενοι σφοδρα ηρξαντο λεγειν αυτω εκαστος αυτων μητι εγω ειμι κυριε
- 23 Li reponn yo: Moun ki tranpe pen l' ansanm avè m' nan plat la, se li menm ki pral trayi mwen.
 And he made answer and said, He who puts his hand into the plate with me, the same will be false to me.
 ο δε αποκριθεις ειπεν ο εμβαψας μετ εμου εν τω τρυβλιω την χειρα ουτος με παραδωσει
- 24 Moun Bondye voye nan lachè a prale, jan sa te ekri sou li a. Men, malè pou moun k'ap trayi l' la. Li ta pi bon pou moun sa a si li pa t' janm fèt.
 The Son of man goes, even as the Writings say of him: but a curse is on that man through whom the Son of man is given up; it would have been well for that man if he had never come into the world.
 ο μεν υιος του ανθρωπου υπαγει καθως γεγραπται περι αυτου ουαι δε τω ανθρωπω εκεινω δι ου ο υιος του ανθρωπου παραδιδοται καλον ην αυτω ει ουκ εγεννηθη ο ανθρωπος εκεινος
- 25 Jida ki tapral trayi l' la pran lapawòl, li di: Mèt, èske se mwen menm? Jezi reponn li: Se ou ki di li.
 And Judas, who was false to him, made answer and said, Is it I, Master? He says to him, Yes.
 αποκριθεις δε ιουδας ο παραδιδους αυτον ειπεν μητι εγω ειμι ραββι λεγει αυτω συ ειπας
- 26 ¶ Antan yo t'ap manje, Jezi pran pen, li di Bondye mèsi, li kase l', li bay disip yo, li di: Pran, manje. Sa se kò mwen.
 And when they were taking food, Jesus took bread and, after blessing it, he gave the broken bread to the disciples and said, Take it; this is my body.
 εσθιοντων δε αυτων λαβων ο ιησους τον αρτον και ευλογησας εκλασεν και εδιδου τοις μαθηταις και ειπεν λαβετε φαγετε τουτο εστιν το σωμα μου
- 27 Apre sa, li pran yon gode diven, li di Bondye mèsi, li pase l' ba yo, li di: Se pou nou tout nou bwè ladan li.
 And he took a cup and, having given praise, he gave it to them, saying,
 και λαβων το ποτηριον και ευχαριστησας εδωκεν αυτοις λεγων πιετε εξ αυτου παντες
- 28 Paske, sa se san mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a, san ki koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo.
 Take of it, all of you, for this is my blood of the testament, which is given for men for the forgiveness of sins.
 τουτο γαρ εστιν το αιμα μου το της καινης διαθηκης το περι πολλων εκχυνομενον εις αφεσιν αμαρτιων
- 29 M'ap di nou sa: Depi jòdi a, mwen p'ap janm bwè diven ankò jòk jou m'a bwè yon lòt diven ansanm ak nou nan peyi kote Papa m' wa a.
 But I say to you that from now I will not take of this fruit of the vine, till that day when I take it new with you in my Father's kingdom.
 λεγω δε υμιν οτι ου μη πιω απ αρτι εκ τουτου του γεννηματος της αμπελου εως της ημερας εκεινης οταν αυτο πιω μεθ υμων καινον εν τη βασιλεια του πατρος μου
- 30 Apre yo fin chante kantik espesyal pou fèt la, yo soti, y ale sou mòn Oliv la.
 And after a song of praise to God, they went out to the Mountain of Olives.
 και υμνησαντες εξηλθον εις το ορος των ελαιων
- 31 ¶ Lè sa a, Jezi di disip li yo: Aswè a menm, nou tout nou pral kouri kite m' pou kont mwen. Paske, men sa ki ekri nan Liv la: M'ap frape gadò mouton yo, epi tout bann mouton yo pral gaye nan bwa.
 Then said Jesus to them, All of you will be turned away from me this night: for it is said in the Writings, I will put to death the keeper of the sheep, and the sheep of the flock will be put to flight.
 τοτε λεγει αυτοις ο ιησους παντες υμεις σκανδαλισθησεθε εν εμοι εν τη νυκτι ταυτη γεγραπται γαρ παταξω τον ποιμενα και διασκορπισθησεται τα προβατα της ποιμνης
- 32 Men, apre sa, lè m'a leve soti vivan nan lanmò, mwen pral tann nou nan peyi Galile.
 But after I am come back from the dead, I will go before you into Galilee.
 μετα δε το εγερθηαι με προαξω υμας εις την γαλιλαιαν
- 33 Pyè pran lapawòl, li di li: Menm si tout moun ta kouri kite ou pou kont ou, mwen menm, mwen p'ap janm kite ou.
 But Peter made answer and said to him, Though all may be turned away from you, I will never be turned away.
 αποκριθεις δε ο πετρος ειπεν αυτω ει και παντες σκανδαλισθησονται εν σοι εγω ουδεποτε σκανδαλισθησομαι
- 34 Jezi di li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: aswè a menm, anvan kòk chante, ou va gen tan di twa fwa ou pa janm konnen mwen.
 Jesus said to him, Truly I say to you that this night, before the hour of the cock's cry, you will say three times that you have no knowledge of me.
 εφη αυτω ο ιησους αμην λεγω σοι οτι εν ταυτη τη νυκτι πριν αλεκτορα φωνησαι τρις απαρνηση με
- 35 Pyè reponn li: Menm si m' ta dwe mouri avè ou, mwen p'ap janm di mwen pa konnen ou. Tout lòt disip yo t'ap di menm bagay la tou.
 Peter says to him, Even if I am put to death with you, I will not be false to you. So said all the disciples.
 λεγει αυτω ο πετρος καν δεη με συν σοι αποθανειν ου μη σε απαρνησομαι ομοιως και παντες οι μαθηται ειπον

- 36 ¶ Apre sa, Jezi ale ak disip yo yon kote yo rele Jetsemane. Li di yo: Chita la. Mwen menm, mwen pral lapriyè pi lwen.
Then comes Jesus with them to a place named Gethsemane, and says to his disciples, Be seated here, while I go over there for prayer.
τοτε ερχεται μετ αυτων ο ιησους εις χωριον λεγομενον γεθσημανη και λεγει τοις μαθηταις καθισατε αυτου εως ου απελθω προσευξομαι εκει
- 37 Li pran Pyè ansann ak de pitit Zebede yo avèk li. Lè sa a, li santi yon lapenn ak yon kè sere ki pran li.
And he took with him Peter and the two sons of Zebedee, and became sad and very troubled.
και παραλαβων τον πετρον και τους δυο υιους ζεβεδαιου ηρξατο λυπεισθαι και αδημονειν
- 38 Li di yo: Mwen gen lapenn anpil. Mwen santi se mouri m'ap mouri. Rete la avèk mwen, pa kite dòmi pran nou.
Then says he to them, My soul is very sad, even to death: keep watch with me here.
τοτε λεγει αυτοις περιλυπος εστιν η ψυχη μου εως θανατου μεινατε ωδε και γρηγορειτε μετ εμου
- 39 li al yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè konsa: O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a.
And he went forward a little, and falling down on his face in prayer, he said, O my Father, if it is possible, let this cup go from me; but let not my pleasure, but yours be done.
και προελθων μικρον επεσεν επι προσωπον αυτου προσευχομενος και λεγων πατερ μου ει δυνατον εστιν παρελθεω απ εμου του ποτηριου τουτου πλην ουχ ως εγω θελω αλλ ως συ
- 40 Jezi tounen bò kote twa disip yo, li jwenn yo ap dòmi. Li di Pyè konsa: Kouman? Nou pa t' kapab rete je klè yon ti kadè avèk mwen!
And he comes to the disciples, and sees that they are sleeping, and says to Peter, What, were you not able to keep watch with me one hour?
και ερχεται προς τους μαθητας και ευρισκει αυτους καθευδοντας και λεγει τω πετρω ουτως ουκ ισχυσατε μιαν ωραν γρηγορησαι μετ εμου
- 41 Pa kite dòmi pran nou, tande. Lapriyè pou nou pa tonbe anba tantasyon. Lespri nou byen dispoze, men kò nou fèb.
Keep watch with prayer, so that you may not be put to the test: the spirit truly is ready, but the flesh is feeble.
γρηγορειτε και προσευχεσθε ινα μη εισελθητε εις πειρασμον το μεν πνευμα προθυμον η δε σαρξ ασθενης
- 42 Li kite yo, li ale yon dezyèm fwa. Li lapriyè konsa: O Papa m', si se pou m' bwè gode soufrans sa a anvan pou ou wete l' devan je m', ou mèt fè l' jan ou vle a.
Again, a second time he went away, and said in prayer, O my Father, if this may not go from me without my taking it, let your pleasure be done.
παλιν εκ δευτερου απελθων προσηξατο λεγων πατερ μου ει ου δυναται τουτου το ποτηριον παρελθειν απ εμου εαν μη αυτο πιω γενηθητω το θελημα σου
- 43 Li tounen, li jwenn disip yo ap dòmi ankò, paske dòmi t'ap kale yo.
And he came again and saw them sleeping, for their eyes were tired.
και ελθων ευρισκει αυτους παλιν καθευδοντας ησαν γαρ αυτων οι οφθαλμοι βεβαρημενοι
- 44 Li kite yo, li ale, li lapriyè yon twazyèm fwa. Li t'ap repete menm pawòl yo.
And he went away from them again, and a third time said the same prayer.
και αφεις αυτους απελθων παλιν προσηξατο εκ τριτου τον αυτον λογον ειπων
- 45 Apre sa, li tounen bò kote disip li yo, li di: N'ap dòmi toujou? N'ap poze kò nou? Epi gade, men lè a rive, yo pral lage m', mwen menm Moun Bondye voye nan lachè a, nan men mechan yo.
Then he comes to the disciples; and says to them, Go on sleeping now, and take your rest: for the hour is come, and the Son of man is given into the hands of evil men.
τοτε ερχεται προς τους μαθητας αυτου και λεγει αυτοις καθευδετε το λοιπον και αναπαυεσθε ιδου ηγγικεν η ωρα και ο υιος του ανθρωπου παραδιδοται εις χειρας αμαρτωλων
- 46 Leve non, ann ale. Men moun k'ap trayi m' lan ap vini.
Up, let us be going: see, he who gives me up is near.
εγειρεσθε αγωμεν ιδου ηγγικεν ο παραδιδους με
- 47 ¶ Jezi t'ap pale toujou lè Jida, yonn nan douz disip yo, vin rive. Li te gen avèk li yon bann moun ki te gen nepe ak baton nan men yo avèk li. Se chèf prèt yo ak chèf fanmi k'ap dirije pèp la ki te voye yo avèk li.
And while he was still talking, Judas, one of the twelve, came, and with him a band armed with swords and sticks, from the chief priests and those in authority over the people.
και επι αυτου λαλουντος ιδου ιουδας εις των δωδεκα ηλθεν και μετ αυτου οχλος πολυς μετα μαχαιρων και ξυλων απο των αρχιερων και πρεσβυτερων του λαου
- 48 Nonm ki t'ap trayi Jezi a te ba yo yon siyal. Li te di yo: Moun n'a wè mwen bo a, se li menm n'ap chache a. Mete men sou li.
Now the false one had given them a sign saying, The one to whom I give a kiss, that is he: take him.
ο δε παραδιδους αυτον εδοκεν αυτοις σημειον λεγων ον αν φιλησω αυτος εστιν κρατησατε αυτον
- 49 Rive Jida rive, li pwoche bò kote Jezi, li di li: Bonswa, Mèt. Epi l' bo Jezi.
And straight away he came to Jesus and said, Master! and gave him a kiss.
και ευθεως προσελθων τω ιησου ειπεν χαιρε ραββι και κατεφιλησεν αυτον

- 50 Jezi di li: Zanmi, sa ou te vin pou fè a, fè li. Lè sa a, lòt moun yo pwoche, yo mete men sou Jezi, yo arete li.
 And Jesus said to him, Friend, do that for which you have come. Then they came and put hands on Jesus, and took him.
 ο δε ιησους ειπεν αυτω εταιρε εφ ω παρει τοτε προσελθοντες επεβαλον τας χειρας επι τον ιησουν και εκρατησαν αυτον
- 51 Yonn nan mesye ki te avèk Jezi yo rale nepe l', li frape domestik granprèt la, li koupe yon zòrèy li.
 And one of those who were with Jesus put out his hand, and took out his sword and gave the servant of the high priest a blow, cutting off his ear.
 και ιδου εις των μετα ιησου εκτεινας την χειρα απεσπασεν την μαχαιραν αυτου και παταξας τον δουλον του αρχιερωος αφειλεν αυτου το ωτιον
- 52 Jezi di l' konsa: Mete nepe ou nan fouwo l'; paske tout moun ki sèvi ak nepe, se nepe k'ap touye yo tou.
 Then says Jesus to him, Put up your sword again into its place: for all those who take the sword will come to death by the sword.
 τοτε λεγει αυτω ο ιησους αποστρεψον σου την μαχαιραν εις τον τοπον αυτης παντες γαρ οι λαβοντες μαχαιραν εν μαχαιρα απολουνται
- 53 Ou pa konnen mwen ta ka rele Papa m' vin ede mwen. Menm lè a, li ta voye depase douz lame zanj ban mwen.
 Does it not seem possible to you that if I make request to my Father he will even now send me an army of angels?
 η δοκεις οτι ου δυναμαι αρτι παρακαλεσαι τον πατερα μου και παραστησει μοι πλειους η δωδεκα λεγεωνας αγγελων
- 54 Men lè sa a, ki jan sa ki ekri nan Liv la ta ka rive vre? Paske Liv la di: Se konsa pou sa pase.
 But how then would the Writings come true, which say that so it has to be?
 πως ουν πληρωθωσιν αι γραφαι οτι ουτως δει γενεσθαι
- 55 Apre sa, Jezi di fowl moun yo: Nou vin dèyè m' ak nepe ak baton tankou si m' te yon ansasen. Toulejou mwen te chita la nan tanp lan, ap moutre moun yo anpil bagay, nou pa t' janm arete mwen.
 In that hour Jesus said to the people, Have you come out as against a thief with swords and sticks to take me? I was teaching every day in the Temple and you took me not.
 εν εκεινη τη ωρα ειπεν ο ιησους τοις οχλοις ως επι ληστην εξηλθετε μετα μαχαιρων και ξυλων συλλαβειν με καθ ημεραν προς υμας εκαθεζομην διδασκων εν τω ιερω και ουκ εκρατησατε με
- 56 Men, tou sa rive pou sa ki ekri nan liv pwofèt yo ka rive vre. Lè sa a, tout disip yo kite l', yo pran kouri.
 But all this has taken place so that the writings of the prophets might come true. Then all his disciples went from him in flight.
 τουτο δε ολον γεγονεν ινα πληρωθωσιν αι γραφαι των προφητων τοτε οι μαθηται παντες αφεντες αυτον εφυγον
- 57 ¶ Moun ki te arete Jezi yo mennen l' kay Kayif, granprèt la. Se la tout dirèktè lalwa yo ansanm ak chèf fanmi yo te reyini.
 And those who had made Jesus prisoner took him away to the house of Caiaphas, the high priest, where the scribes and those in authority over the people had come together.
 οι δε κρατησαντες τον ιησουν απηγαγον προς καιαφαν τον αρχιερα οπου οι γραμματαις και οι πρεσβυτεροι συνηχθησαν
- 58 Pyè t'ap swiv Jezi yon ti jan lwen lwen, jouk yo rive nan lakou kay granprèt la. Li antre nan lakou a tou, li chita ak gad yo pou l' wè kouman sa t'apral fini.
 But Peter went after him at a distance, to the house of the high priest, and went in and took his seat with the servants, to see the end.
 ο δε πετρος ηκολουθει αυτω απο μακροθεν εως της αυλης του αρχιερωος και εισελθον εσω εκαθητο μετα των υπηρετων ιδειν το τελος
- 59 Chèf prèt yo ak tout manm Gran Konsèy jwif yo t'ap chache yon manti pou yo te fè sou Jezi, pou yo te ka kondannen l' amò.
 Now the chief priests and all the Sanhedrin were looking for false witness against Jesus, so that they might put him to death;
 οι δε αρχιερεις και οι πρεσβυτεροι και το συνεδριον ολον εξητουν ψευδομαρτυριαν κατα του ιησου οπως αυτον θανατωσωσιν
- 60 Men, yo pa t' kapab jwenn anyen malgre anpil moun te vin fè anpil manti sou li.
 And they were not able to get it, though a number of false witnesses came.
 και ουχ ευρον και πολλων ψευδομαρτυρων προσελθοντων ουχ ευρον
- 61 Bout pou bout, de moun parèt. Yo di: Nonm sa a di: Mwen kapab kraze tanp Bondye a, epi nan twa jou m'a rebati l' ban nou.
 But later there came two who said, This man said, I am able to give the Temple of God to destruction, and to put it up again in three days.
 υστερον δε προσελθοντες δυο ψευδομαρτυρες ειπον ουτος εφη δυναμαι καταλυσαι τον ναον του θεου και δια τριων ημερων οικοδομησαι αυτον
- 62 Granprèt la leve, li di Jezi: Ou pa reponn anyen? Kisa mesye yo ap di sou ou konsa?
 And the high priest got up and said to him, Have you no answer? what is it which these say against you?
 και αναστας ο αρχιερευς ειπεν αυτω ουδεν αποκρινη τι ουτοι σου καταμαρτυρουσιν
- 63 Jezi pa louvri bouch li. Granprèt la di l' ankò: Nan non Bondye vivan an, m'ap mande ou pou di nou verite a: Eske se ou ki Kris la, Pitit Bondye a?
 But Jesus said not a word. And the high priest said to him, I put you on oath, by the living God, that you will say to us if you are the Christ, the Son of God.
 ο δε ιησους εσιωπα και αποκριθεις ο αρχιερευς ειπεν αυτω εξορκιζω σε κατα του θεου του ζωντος ινα ημιν ειπης ει συ ει ο χριστος ο υιος του θεου

- 64 Jezi reponn li: Se ou ki di li. Men, m'ap di nou sa, depi jòdi a n'a wè m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa a, n'a wè m' ap vini sou nwaj yo nan syèl la.
Jesus says to him, You say so: but I say to you, From now you will see the Son of man seated at the right hand of power, and coming on the clouds of heaven.
λεγει αυτω ο ιησους συ ειπας πλην λεγω υμιν απ αρτι οψεσθε τον υιον του ανθρωπου καθημενον εκ δεξιων της δυναμεως και ερχομενον επι των νεφελων του ουρανου
- 65 Lè sa a, granprèt la chire rad ki te sou li a, li di: L'ap pale mal sou Bondye. Sa nou bezwen lòt temwen fè: Nou fèk tande ak zòrèy nou jan l' pale mal sou Bondye.
Then the high priest, violently parting his robes, said, He has said evil against God: what more need have we of witnesses? for now his words against God have come to your ears:
τοτε ο αρχιερευς διερρηξεν τα ιματια αυτου λεγων οτι εβλασφημησεν τι επι χρειαν εχομεν μαρτυρον ιδε νυν ηκουσατε την βλασφημιαν αυτου
- 66 Kisa nou di nan sa? Yo reponn: Li antò, se pou yo touye li.
What is your opinion? They made answer and said, It is right for him to be put to death.
τι υμιν δοκει οι δε αποκριθεντες ειπον ενοχος θανατου εστιν
- 67 Lè sa a, yo pran krache nan figi l', yo tonbe ba l' kout pwen. Gen ladan yo ki ba l' soufflèt.
Then they put shame on him, and were cruel to him: and some gave him blows, saying,
τοτε ενεπτυσαν εις το προσωπον αυτου και εκολαφισαν αυτον οι δε ερραπισαν
- 68 Yo di li: Kris, si ou konnen, di nou non! Di nou ki moun k'ap frape ou konsa.
Be a prophet, O Christ, and say who gave you a blow!
λεγοντες προφητευσον ημιν χριστε τις εστιν ο παισας σε
- 69 ¶ Pyè menm te chita deyò nan lakou a. Yon sèvant pwoche bò kote l', li di li konsa: Ou menm tou, ou te avèk Jezi, nonm Galile a.
Now Peter was seated in the open square outside the house: and a servant-girl came to him, saying, You were with Jesus the Galilaean.
ο δε πετρος εξω εκαθητο εν τη αυλη και προσηλθεν αυτω μια παιδισκη λεγουσα και συ ησθα μετα ιησου του γαλιλαιου
- 70 Men, Pyè demanti l' devan tout moun, li di: Mwen pa konnen sa w'ap di la a.
But he said before them all that it was false, saying, I have no knowledge of what you say.
ο δε ηρησατο εμπροσθεν παντων λεγων ουκ οιδα τι λεγεις
- 71 Apre sa, Pyè leve, li ale bò pòtay lakou a. La, yon lòt sèvant wè li. Li di moun ki te la yo: Nonm sa a te avèk Jezi, nonm Nazarèt la.
And when he had gone out into the doorway, another saw him and says to those who were there, This man was with Jesus the Nazarene.
εξελθοντα δε αυτον εις τον πυλωνα ειδεν αυτον αλλη και λεγει τοις εκει και ουτος ην μετα ιησου του ναζωραιου
- 72 Pyè demanti l' tou, li di: M'ap fè sèman, mwen pa konnen nonm sa a.
And again he said with an oath, I have no knowledge of the man.
και παλιν ηρησατο μεθ ορκου οτι ουκ οιδα τον ανθρωπον
- 73 Yon ti kadè apre, moun ki te la yo pwoche, yo di Pyè konsa: Se vre wi, monchè. Ou fè pati moun sa yo tou. Jan ou pale a fè nou rekonèt ou.
And after a little time those who were near came and said to Peter, Truly you are one of them; because your talk is witness against you.
μετα μικρον δε προσελθοντες οι εσωτατες ειπον τω πετρω αληθως και συ εξ αυτων ει και γαρ η λαλια σου δηλον σε ποιει
- 74 Lè sa a, Pyè pran fè sèman, li di yo: Mwen mande Bondye pou nenpòt bagay rive m' si m' manti: Mwen di nou non, mwen pa konnen nonm sa a. Menm lè a, kòk chante.
Then with curses and oaths he said, I have no knowledge of the man. And straight away there came the cry of a cock.
τοτε ηρξατο καταναθεματιζειν και ομνυειν οτι ουκ οιδα τον ανθρωπον και ευθεως αλεκτωρ εφωνησεν
- 75 Latou, Pyè vin chonje pawòl Jezi te di l' la: Anvan kòk chante, ou va gen tan di twa fwa ou pa janm konnen mwen. Pyè soti, li tonbe kriye jouk li pa t' kapab ankò.
And the word of Jesus came back to Peter, when he said, Before the hour of the cock's cry, you will say three times that you have no knowledge of me. And he went out, weeping bitterly.
και εμνησθη ο πετρος του ρηματος του ιησου ειρηκοτος αυτω οτι πριν αλεκτορα φωνησαι τρις απαρνηση με και εξελθων εξω εκλαυσεν πικρως
- 1 ¶ Nan granmaten, tout chèf prèt yo ansanm ak chèf fanmi k'ap dirije pèp la, yo mete tèt yo ansanm sou do Jezi. Yo pran desizyon pou fè touye li.
Now when it was morning, all the chief priests and those in authority took thought together with the purpose of putting Jesus to death.
πρωιας δε γενομενης συμβουλιον ελαβον παντες οι αρχιερεις και οι πρεσβυτεροι του λαου κατα του ιησου ωστε θανατωσαι αυτον
- 2 Apre yo fin mare l', yo mennen l' ale, yo renmèt li bay Pons Pilat, gouvènè peyi a.
And they put cords on him and took him away, and gave him up to Pilate, the ruler.
και δησαντες αυτον απηγαγον και παρεδωκαν αυτον ποντιω πιλατω τω ηγεμονι

- 3 Jida menm, nonm ki te trayi Jezi a, lè l' wè yo te kondannen Jezi, remò pran l', li pote trant pyès lajan yo tounen bay chèf prèt yo ansanm ak chèf fanmi yo. Li di konsa:
Then Judas, who was false to him, seeing that he was to be put to death, in his regret took back the thirty bits of silver to the chief priests and those in authority,
τοτε ιδων ιουδας ο παραδιδους αυτον οτι κατεκριθη μεταμεληθεις απεστρεψεν τα τριακοντα αργυρια τοις αρχιερευσιν και τοις πρεσβυτεροις
- 4 Sa m' fè a mal. Se yon inonsan mwen lage nan men nou. Yo reponn li: Ki mele nou sa? Sa se zafè pa ou.
Saying, I have done wrong in giving into your hands an upright man. But they said, What is that to us? it is your business.
λεγων ημαρτον παραδους αιμα αθων οι δε ειπον τι προς ημας συ οφει
- 5 Jida jete pyès lajan yo nan tanp lan, li soti, li ale pann tèt li.
And he put down the silver in the Temple and went out, and put himself to death by hanging.
και ριψας τα αργυρια εν τω ναω ανεχωρησεν και απελθων απηγγατο
- 6 Chèf prèt yo ranmase lajan an, yo di konsa: Sa se lajan san. Lalwa nou pa pèmèt nou mete lajan konsa nan kès tanp lan.
And the chief priests took the silver and said, It is not right to put it in the Temple store for it is the price of blood.
οι δε αρχιερεις λαβοντες τα αργυρια ειπον ουκ εξεστιν βαλειν αυτα εις τον κορβαναν επει τιμη αιματος εστιν
- 7 Apre sa, yo tonbe dakò pou yo achte yon jaden nan men yon nonm ki te konn fè krich. Yo pran tè a sèvi simityè pou etranje ki mouri nan peyi a.
And they made a decision to get with the silver the potter's field, as a place for the dead of other countries.
συμβουλιον δε λαβοντες ηγορασαν εξ αυτων τον αγρον του κεραμεως εις ταφην τοις ξενοις
- 8 Se poutèt sa, jouk jounen jòdi a, yo rele jaden sa a: Jaden san.
For this cause that field was named, The field of blood, to this day.
διο εκληθη ο αγρος εκεινος αγρος αιματος εως της σημερον
- 9 Se konsa pawòl pwofèt Jeremi te di a rive vre: Yo pran trant pyès lajan yo. Se pri sa a moun ras Izrayèl yo te dakò peye pou li.
Then came true that which was said by Jeremiah the prophet, And they took the thirty bits of silver, the price of him who was valued by the children of Israel;
τοτε επληρωθη το ρηθεν δια ιερεμιου του προφητου λεγοντος και ελαβον τα τριακοντα αργυρια την τιμην του τετιμημενου ον ετιμησαντο απο υιων ισραηλ
- 10 Ak lajan an, yo achte jaden nonm ki konn fè krich la, dapre lòd Bondye te ban mwen an.
And they gave them for the potter's field, as I had word from the Lord.
και εδωκαν αυτα εις τον αγρον του κεραμεως καθα συνεταξεν μοι κυριος
- 11 ¶ Jezi parèt devan gouvènè a. Gouvènè a keksyonnen l', li mande li: Ou se wa jwif yo? Jezi reponn li: Se ou ki di li.
And Jesus was before the ruler, who put a question to him, Are you the King of the Jews? And Jesus said to him, You say so.
ο δε ιησους εστη εμπροσθεν του ηγεμονος και επηρωτησεν αυτον ο ηγεμων λεγων συ ει ο βασιλευς των ιουδαιων ο δε ιησους εφη αυτω συ λεγεις
- 12 Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo t'ap depoze anpil plent kont Jezi. Jezi menm pa t' reponn anyen.
But when the chief priests and those in authority made statements against him, he gave no answer.
και εν τω κατηγορεισθαι αυτον υπο των αρχιερων και των πρεσβυτερων ουδεν απεκρινατο
- 13 Pilat di li: Ou pa tande tout plent yo depoze sou do ou?
Then says Pilate to him, Do you give no attention to what their witnesses say against you?
τοτε λεγει αυτω ο πιλατος ουκ ακουεις ποσα σου καταμαρτυρουσιν
- 14 Men Jezi pa ba l' repons sou anyen. Sa te fè Pilat sezi anpil.
And he gave him no answer, not even a word: so that the ruler was greatly surprised.
και ουκ απεκριθη αυτω προς ουδε εν ρημα ωστε θαυμαζειν τον ηγεμονα λιαν
- 15 Pou chak fèt Delivrans gouvènè a te konn lage yon prizonnye. Se pèp la ki te konn chwazi kilès.
Now at the feast it was the way for the ruler to let free to the people one prisoner, at their selection.
κατα δε εορτην ειωθει ο ηγεμων απολυειν ενα τω ογλω δεσμιον ον ηθελον
- 16 Lè sa a, te gen yon prizonnye yo te rele Jezi Barabas. Tout moun te konnen ki moun li ye.
And they had then an important prisoner, whose name was Barabbas.
ειχον δε τοτε δεσμιον επισημον λεγομενον βαραββαν

- 17 Lè Pilat wè pèp la sanble deyò a, li di yo: Kilès nou vle m' lage ban nou: Jezi Barabas osinon Jezi yo rele Kris la?
So when they came together, Pilate said to them, Whom will you have? Barabbas, or Jesus, who is named Christ?
συνηγμένων οὖν αὐτῶν εἶπεν αὐτοῖς ὁ πῖλατος τίνα θελετε ἀπολύσω ὑμῖν βαρᾶββαν ἢ ἰησοῦν τὸν λεγόμενον χριστὸν
- 18 Pilat te byen konnen se jalouzi ki te fè yo mennen Jezi ba li.
For he saw that for envy they had given him up.
ἦδαι γὰρ ὅτι διὰ φθόνου παρέδωκεν αὐτὸν
- 19 Antan Pilat te chita sou fotèy jij li nan tribinal la, madanm li voye di li: Nonm sa a inonsan tande. Pa mele nan zafè sa a. Paske yèswa, mwen soufri anpil poutèt li nan dòmi.
And while he was on the judge's seat, his wife sent to him, saying, Have nothing to do with that upright man, for I have had much trouble this day in a dream because of him.
καθημένου δε αὐτοῦ ἐπὶ τοῦ βήματος ἀπεστείλεν πρὸς αὐτὸν ἡ γυνὴ αὐτοῦ λέγουσα μὴδὲν σοὶ καὶ τῷ δικαίῳ ἐκεῖνῳ πολλὰ γὰρ ἐπαθὼν σήμερον κατ' ὄναρ δι' αὐτὸν
- 20 Chèf prèt yo ak chèf fanmi yo pran tèt pèp la pou yo mande Pilat pou l' lage Barabas ba yo, pou l' fè touye Jezi.
Now the chief priests and those in authority got the people to make request for Barabbas, and for Jesus to be put to death.
οἱ δὲ ἀρχιερεῖς καὶ οἱ πρεσβύτεροι ἐπεισαν τοὺς ὄχλους ἵνα αἰτησῶνται τὸν βαρᾶββαν τὸν δε ἰησοῦν ἀπολεσῶσιν
- 21 Gouvènè a pran lapawòl, li di yo: Kilès nan de a nou vle m' lage ban nou? Yo reponn: Barabas.
But the ruler made answer and said to them, Which of the two is it your pleasure that I let go free? And they said, Barabbas.
ἀποκριθεὶς δε ὁ ἡγεμὼν εἶπεν αὐτοῖς τίνα θελετε ἀπο τῶν δύο ἀπολύσω ὑμῖν οἱ δε εἶπον βαρᾶββαν
- 22 Pilat mande yo: Bon. Kisa pou m' fè ak Jezi yo rele Kris la? Yo tout reponn: Kloure l' sou yon kwa!
Pilate says to them, What, then, am I to do with Jesus, who is named Christ? They all say, Let him be put to death on the cross.
λέγει αὐτοῖς ὁ πῖλατος τί οὖν ποιήσω ἰησοῦν τὸν λεγόμενον χριστὸν λέγουσιν αὐτῷ πάντες σταυρωθήτω
- 23 Pilat di yo: Ki movezak li fè konsa? Yo rele pi fò toujou: Kloure l' sou yon kwa!
And he said, Why, what evil has he done? But they gave loud cries, saying, To the cross with him!
ὁ δε ἡγεμὼν εἶπε τί γὰρ κακὸν ἐποίησεν οἱ δε περισσῶς ἐκραζόντες λέγοντες σταυρωθήτω
- 24 Lè Pilat wè li pa t' kapab fè anyen ankò, paske pèp la te sot pou l' te fè plis dezòd toujou, li pran dlo, li lave men l' devan tout foul moun yo. Li di yo: Mwen menm, mwen pa reskonsab lanmò nonm sa a. Sa, se sou kont nou li ye.
So when Pilate saw that he was able to do nothing, but that trouble was working up, he took water and, washing his hands before the people, said, The blood of this upright man is not on my hands: you are responsible.
ἰδὼν δε ὁ πῖλατος ὅτι οὐδὲν ὠφελεῖ ἀλλὰ μᾶλλον θορυβὸς γίνεται λαβὼν ὕδωρ ἀπενίψατο τὰς χεῖρας ἀπεναντι τοῦ ὄχλου λέγων ἀθῶός εἰμι ἀπο τοῦ αἵματος τοῦ δικαίου τούτου ὑμεῖς ὀφείθε
- 25 Tout pèp la reponn: Se pou reskonsablite lanmò l' tonbe sou nou ak sou tout pitit nou yo.
And all the people made answer and said, Let his blood be on us, and on our children.
καὶ ἀποκριθεὶς πᾶς ὁ λαὸς εἶπεν τὸ αἷμα αὐτοῦ ἐφ' ἡμᾶς καὶ ἐπὶ τὰ τέκνα ἡμῶν
- 26 ¶ Apre sa, Pilat lage Barabas ba yo. Li fè yo bat Jezi byen bat, li renmèt yo li pou y al kloure l' sou yon kwa.
Then he let Barabbas go free: but after having Jesus whipped, he gave him up to be put to death on the cross.
τότε ἀπέλυσεν αὐτοὺς τὸν βαρᾶββαν τὸν δε ἰησοῦν φραγελλώσας παρέδωκεν ἵνα σταυρωθῆ
- 27 Sòlda Pilat yo mennen Jezi nan kay gouvènè a. Yo sanble tout batayon sòlda yo fè wonn li.
Then the ruler's armed men took Jesus into the open square, and got all their band together.
τότε οἱ στρατιῶται τοῦ ἡγεμόνος παραλάβοντες τὸν ἰησοῦν εἰς τὸ πραιτώριον συνηγάγον ἐπ' αὐτὸν ὅλην τὴν σπείραν
- 28 Yo dezabiye l', yo mete yon gwo rad koulè wouj violèt sou li.
And they took off his clothing, and put on him a red robe.
καὶ ἐκδύσαντες αὐτὸν περιεθήκαν αὐτῷ χλαμῦδα κόκκινην
- 29 Yo trese yon kouwòn pikan mete nan tèt li, yo ba l' yon ti bwa wozo kenbe nan men dwat li. Apre sa, yo mete ajenou devan l', yo pran pase l' nan betiz. Yo di li: Bonjou, wa jwif yo!
And they made a crown of thorns and put it on his head, and put a rod in his right hand, and they went down on their knees before him, and made sport of him, saying, Long life to the King of the Jews.
καὶ πλέξαντες στεφανὸν ἐξ ἀκανθῶν ἐπέθηκαν ἐπὶ τὴν κεφαλὴν αὐτοῦ καὶ κάλαμον ἐπὶ τὴν δεξιὰν αὐτοῦ καὶ γονυπετήσαντες ἐμπροσθεν αὐτοῦ ἐνεπαίζον αὐτὸν λέγοντες χαιρε ὁ βασιλεὺς τῶν ἰουδαίων

- 30 Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo ba l' kou nan tèt.
 And they put shame on him, and gave him blows on the head with the rod.
 και εμπτυσαντες εις αυτον ελαβον τον καλαμιον και ετυπον εις την κεφαλην αυτου
- 31 Apre yo fin pase l' anba kont betiz yo, yo wete gwo rad la, yo mete rad pa l' sou li ankò. Epi yo mennen l' ale pou yo kloure l' sou yon kwa.
 And when they had made sport of him, they took the robe off him, and put his clothing on him, and took him away to put him on the cross.
 και οτε ενεπαιξαν αυτω εξεδυσαν αυτον την γλαμυδα και ενεδυσαν αυτον τα ιματια αυτου και απηγαγον αυτον εις το σταυρωσαι
- 32 Lè yo soti, yo kontre yon nonm peyi Sirèn ki te rele Simon. Yo fòse msye pote kwa Jezi a.
 And while they were coming out, they saw a man of Cyrene, Simon by name, and they made him go with them, so that he might take up his cross.
 εξερχομενοι δε ευρον ανθρωπον κυρηναιοι ονοματι σιμωνα τουτον ηγγαρευσαν ινα αρη τον σταυρον αυτου
- 33 ¶ Lè yo rive kote ki rele Gòlgota a (ki vle di: Plas zo bwa tèt la)
 And when they came to the place named Golgotha, that is to say, Dead Man's Head,
 και ελθοντες εις τοπον λεγομενον γολγοθα ος εστιν λεγομενος κρανιου τοπος
- 34 yo bay Jezi bwè diven mele ak fyèl. Men, lè l' goute l', li pa t' vle bwè li.
 They gave him wine mixed with bitter drink: and after tasting it, he took no more.
 εδωκαν αυτω πιειν οξος μετα χολης μεμιγμενον και γευσαμενος ουκ ηθελεν πιειν
- 35 Apre yo fin kloure l' sou kwa a, yo tire osò pou separe rad li yo.
 And when they had put him on the cross, they made division of his clothing among them by the decision of chance.
 σταυρωσαντες δε αυτον διεμερισαντο τα ιματια αυτου βαλλοντες κληρον ινα πληρωθη το ρηθεν υπο του προφητου διεμερισαντο τα ιματια μου εαυτοις και επι τον ιματισμον μου εβαλον κληρον
- 36 Apre sa, yo chita ap veye li.
 And they were seated there watching him.
 και καθημενοι ετηρουν αυτον εκει
- 37 Yo mete yon ti pankat anlè tèt li pou fè konnen kòz ki fè yo te kondannen l' la.
 And they put up over his head the statement of his crime in writing, THIS IS JESUS THE KING OF THE JEWS.
 και επεθηκαν επανω της κεφαλης αυτου την αιτιαν αυτου γεγραμμενην ουτος εστιν ιησους ο βασιλευς των ιουδαιων
- 38 Yo te kloure de ansasen sou de lòt kwa an menm tan avè l', yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch.
 Then two thieves were put on crosses with him, one on the right and one on the left.
 τοτε σταυρουνται συν αυτω δυο λησται εις εκ δεξιων και εις εξ ευωνυμων
- 39 Moun ki t'ap pase bò la a t'ap plede joure li. Yo t'ap fè siy sou li.
 And those who went by said bitter words to him, shaking their heads and saying,
 οι δε παραπορευομενοι εβλασφημουν αυτον κινουντες τας κεφαλας αυτων
- 40 Yo t'ap di: Ou menm ki te vle kraze tanp lan pou ou te rebati l' nan twa jou, sove tèt ou non! Si ou se pitit Bondye a, desann sou kwa a!
 You who would give the Temple to destruction and put it up again in three days, get yourself free: if you are the Son of God, come down from the cross.
 και λεγοντες ο καταλυον τον ναον και εν τρισιν ημεραις οικοδομων σεωσον σεαυτον ει υιος ει του θεου καταβηθι απο του σταυρου
- 41 Konsa tou, chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo ak chèf fanmi yo t'ap pase l' nan rizib. Yo t'ap di:
 In the same way, the chief priests, making sport of him, with the scribes and those in authority, said,
 ομοιωσ δε και οι αρχιερεις εμπαιζοντες μετα των γραμματεων και πρεσβυτερων ελεγον
- 42 Gade! Li sove lòt moun, li pa kapab sove tèt pa li. Si l' se wa pèp Izrayèl la, se pou l' desann sou kwa a koulye a. Lè sa a, n'a kwè nan li.
 A saviour of others, he has no salvation for himself. If he is the King of Israel, let him now come down from the cross, and we will have faith in him.
 αλλους εσωσεν εαυτον ου δυναται σωσαι ει βασιλευς ισραηλ εστιν καταβατω νυν απο του σταυρου και πιστευσομεν αυτω
- 43 Li te mete konfyans li nan Bondye, li te di se pitit Bondye li ye. Ann wè koulye a si Bondye va vin delivre li.
 He put his faith in God; let God be his saviour now, if he will have him; for he said, I am the Son of God.
 πεποιθεν επι τον θεον ρυσασθω νυν αυτον ει θελει αυτον ειπεν γαρ οτι θεου ειμι υιος

- 44 Ata ansasen ki te kloure sou lòt kwa yo t'ap joure l' menm jan an tou.
And the thieves who were on the crosses said evil words to him.
το δ αυτο και οι λησται οι συσταυρωθεντες αυτω ωνειδιζον αυτω
- 45 Vè midi konsa, vin gen yon fènwa sou tout peyi a, jouk twazè apre midi.
Now from the sixth hour it was dark over all the land till the ninth hour.
απο δε εκτης ωρας σκοτος εγενετο επι πασαν την γην εως ωρας εννατης
- 46 Vè twazè, Jezi rele byen fò, li di: Eli, Eli lema sabaktani? (ki vle di: Bondye, Bondye, poukisa ou lage m' konsa?)
And about the ninth hour Jesus gave a loud cry, saying, Eli, Eli, lama sabachthani? that is, My God, my God, why are you turned away from me?
περι δε την εννατην ωραν ανεβησεν ο ιησους φωνη μεγαλη λεγων ηλι ηλι λαμα σαβαχθανι τουτ εστιν θεε μου θεε μου ινατι με εγκατελιπες
- 47 Nan moun ki te la yo genyen ki tande l' pale. Yo di: Men l'ap rele Eli.
And some of those who were near by, hearing it, said, This man is crying to Elijah.
τινες δε των εκει εστωτων ακουσαντες ελεγον οτι ηλιαν φωνει ουτος
- 48 Lamenn, yonn nan yo kouri al pran yon eponj, li tranpe l' nan venèg, li mete l' nan pwent yon gòl wozo, li lonje l' bò bouch Jezi ba l' bwè.
And straight away one of them went quickly, and took a sponge, and made it full of bitter wine, and put it on a rod and gave him drink.
και ευθεως δραμων εις εξ αυτων και λαβων σπογγον πλησας τε οξους και περιθεισ καταμω εποτιζεν αυτον
- 49 Men, lòt moun yo di: Tann non, monchè. Ann wè si Eli ap vin delivre li.
And the rest said, Let him be; let us see if Elijah will come to his help.
οι δε λοιποι ελεγον αφες ιδωμεν ει ερχεται ηλιας σωσων αυτον
- 50 ¶ Jezi bay yon gwo rèl ankò, epi li mouri.
And Jesus gave another loud cry, and gave up his spirit.
ο δε ιησους παλιν κραζας φωνη μεγαλη αφηκεν το πνευμα
- 51 Menm lè a, rido ki te nan tanp lan chire an de moso, depi anwo jouk anba. Tè a tranble. Wòch yo fann.
And the curtain of the Temple was parted in two from end to end; and there was an earth-shock; and the rocks were broken;
και ιδου το καταπετασμα του ναου εσχισθη εις δυο απο ανωθεν εως κατω και η γη εσεισθη και αι πετραι εσχισθησαν
- 52 Tonm mò yo louvri, kò anpil moun pèp Bondye a ki te mouri leve vivan ankò, yo soti nan tonm yo.
And the resting-places of the dead came open; and the bodies of a number of sleeping saints came to life;
και τα μνημεια ανεωχθησαν και πολλα σωματα των κεκοιμημενων αγιων ηγερθη
- 53 Apre Jezi li menm te leve soti vivan nan lanmò, yo antre lavil Jerizalèm kote anpil moun te wè yo.
And coming out of their resting-places, after he had come again from the dead, they went into the holy town and were seen by a number of people.
και εξελθοντες εκ των μνημειων μετα την εγερσιν αυτου εισηλθον εις την αγιαν πολιν και ενεφανισθησαν πολλοις
- 54 Lè ofisye lame a ansanm ak gad ki t'ap veye Jezi ansanm avè l' yo wè tranblemanntè a ak tou sa ki te pase, yon sèl lapè pran yo. Yo di: Se vre wi, nonm sa a te Pitit Bondye.
Now the captain and those who were with him watching Jesus, when they saw the earth-shock and the things which were done, were in great fear and said, Truly this was a son of God.
ο δε εκατονταρχος και οι μετ αυτου τηρουντες τον ιησουν ιδοντες τον σεισμον και τα γενομενα εφοβηθησαν σφοδρα λεγοντες αληθως θεου υιος ην ουτος
- 55 Te gen plizyè fanm la tou. Men, yo te rete lwen ap gade. Se moun ki t'ap swiv Jezi, ki t'ap okipe l' depi lè l' te nan peyi Galile.
And a number of women were there, watching from a distance, who had come with Jesus from Galilee, waiting on his needs.
ησαν δε εκει γυναικες πολλαι απο μακροθεν θεωρουσαι αιτινες ηκολουθησαν τω ιησου απο της γαλιλαιας διακονουσαι αυτω
- 56 Nan yo te genyen: Mari, moun lavil Magdala a, Mari, manman Jak ak Jozèf, ansanm ak manman pitit Zebede yo.
Among whom was Mary Magdalene, and Mary, the mother of James and Joses, and the mother of the sons of Zebedee.
εν αις ην μαρια η μαγδαληνη και μαρια η του ιακωβου και ιωση μητηρ και η μητηρ των υιων ζεβεδαιου
- 57 ¶ Lè solèy fin kouche, yon nonm rich, moun lavil Arimate, vin rive. Yo te rele l' Jozèf. Li menm tou li te yon disip Jezi.
And in the evening, there came a man of wealth from Arimathaea, Joseph by name, who was a disciple of Jesus:
ουιας δε γενομενης ηλθεν ανθρωπος πλουσιος απο αριμαθαιας τουνομα ιωσηφ ος και αυτος εμαθητευσεν τω ιησου

- 58 li al jwenn Pilat, li mande l' kò Jezi a. Pilat bay lòd pou yo renmèt li kò a.
 This man went in to Pilate, and made a request for the body of Jesus. Then Pilate gave orders for it to be given to him.
 ουτος προσελθων τω πιλατω ητησατο το σωμα του ιησου τοτε ο πιλατος εκελευσεν αποδοθηναι το σωμα
- 59 Jozèf pran kò a, li vlope l' nan yon bèl dra blan tou nèf.
 And Joseph took the body, folding it in clean linen,
 και λαβων το σωμα ο ιωσηφ ενετυλιξεν αυτο σινδονι καθαρα
- 60 Apre sa, li mete kò a nan yon kavò li te fèk fè fouye nan wòch la pou tèt pa l'. Apre sa, li woule yon gwo wòch devan bouch kavò a. Epi li al fè wout li.
 And put it in the resting-place which had been cut out of the rock for himself; and after rolling a great stone to the door of it he went away.
 και εθηκεν αυτο εν τω καινω αυτου μνημειω ο ελατομησεν εν τη πετρα και προσκυλισας λιθον μεγαν τη θυρα του μνημειου απηλθεν
- 61 Mari, moun lavil Magdala a, ansanm ak lòt Mari a te chita la, anfas kavò a.
 And Mary Magdalene was there, and the other Mary, seated by the place of the dead.
 ην δε εκει μαρια η μαγδαληνη και η αλλη μαρια καθημεναι απεναντι του ταφου
- 62 Nan denmen, ki vle di jou repo a menm, chèf prèt yo ansanm ak farizyen yo ale bò kot Pilat.
 Now on the day after the getting ready of the Passover, the chief priests and Pharisees came together to Pilate,
 τη δε επαυριον ητις εστιν μετα την παρασκευην συνηχθησαν οι αρχιερεις και οι φαρισαιοι προς πιλατον
- 63 Yo di li: Chèf, nou chonje lè nonm ki t'ap bay manti a te vivan, li te di apre twa jou li pral leve soti vivan.
 Saying, Sir, we have in mind how that false man said, while he was still living, After three days I will come again from the dead.
 λεγοντες κυριε εμνησημεν οτι εκεινος ο πλανος ειπεν ετι ζων μετα τρεις ημερας εγειρομαι
- 64 Bay lòd pou yo veye kavò a byen veye pandan twa jou. Konsa, disip li yo p'ap kapab vin pran kò a pou yo di pèp la apre sa msye leve soti vivan nan lanmò. Dènve kout manti sa a ta pi rèd pase premye a.
 Give orders, then, that the place where his body is may be made safe till the third day, for fear that his disciples come and take him away secretly and say to the people, He has come back from the dead: and the last error will be worse than the first.
 κελουσον ουν ασφαλισθηαι τον ταφον εως της τριτης ημερας μηποτε ελθοντες οι μαθηται αυτου νυκτος κλεψωσιν αυτον και ειπωσιν τω λαω ηγερθη απο των νεκρων και εσται η εσχατη πλανη χειρων της πρωτης
- 65 Pilat di yo: Men yon eskwad gad. Ale, veye kavò a jan nou vle a.
 Pilate said to them, You have watchmen; go and make it as safe as you are able.
 εφη δε αυτοις ο πιλατος εχετε κουστωδιαν υπαγετε ασφαλισασθε ως ουδατε
- 66 Y ale. Pou yo pi asire kavò a te byen fèmen, yo poze sele sou wòch ki te devan bouch kavò a, epi yo mete eskwad gad la veye li.
 So they went, and made safe the place where his body was, putting a stamp on the stone, and the watchmen were with them.
 οι δε πορευθεντες ησφαλισαντο τον ταφον σφραγισαντες τον λιθον μετα της κουστωδιας
- 1 ¶ Lè jou repo a te fin pase, dimanch maten byen bonè, Mari, moun lavil Magdala a, ak lòt Mari a te al vizite kavò
 Now late on the Sabbath, when the dawn of the first day of the week was near, Mary Magdalene and the other Mary came to see the place where his body was.
 ουπε δε σαββατων τη επιφωσκουση εις μιαν σαββατων ηλθεν μαρια η μαγδαληνη και η αλλη μαρια θεωρησαι τον ταφον
- 2 Yo rete konsa, epi tè a pran tranble byen fò. Yon zanj Bondye desann soti nan syèl la, li vini, li woule wòch la sou kote, lèfini li chita sou li.
 And there was a great earth-shock; for an angel of the Lord came down from heaven and, rolling back the stone, took his seat on it.
 και ιδου σεισμος εγενετο μεγας αγγελος γαρ κυριου καταβας εξ ουρανου προσελθων απεκυλισεν τον λιθον απο της θυρας και εκαθητο επανω αυτου
- 3 Li te klere tankou yon zèklè, rad li te blan kou lanèj.
 His form was shining like the light, and his clothing was white as snow:
 ην δε η ιδεα αυτου ως αστραπη και το ενδυμα αυτου λευκον ωσει χιον
- 4 Gad yo te sitèlman pè, yo pran tranble, yo tonbe atè tankou moun ki mouri.
 And for fear of him the watchmen were shaking, and became as dead men.
 απο δε του φοβου αυτου εσεισθησαν οι τηρουντες και εγενοντο ωσει νεκροι

- 5 Men, zanj lan pran pale, li di fanm yo: Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n'ap chache, nonm yo te kloure sou kwa a.
 And the angel said to the women, Have no fear: for I see that you are searching for Jesus, who was put to death on the cross.
 αποκριθεις δε ο αγγελος ειπεν ταις γυναιξιν μη φοβεισθε υμεις ουδα γαρ οτι ιησουν τον εσταυρωμενον ζητειτε
- 6 Enben, li pa isit la. Li leve vivan jan l' te di a. Vini wè kote l' te kouche a.
 He is not here, for he has come to life again, even as he said. Come, see the Lord's resting-place.
 ουκ εστιν ωδε ηγερθη γαρ καθως ειπεν δευτε ιδετε τον τοπον οπου εκειτο ο κυριος
- 7 Apre sa, prese al di disip li yo li leve soti vivan nan lanmò. Li gen tan pran devan yo ale nan peyi Galile. Se la y'a wè li. Se sa m' te gen pou m' di nou.
 And go quickly and give his disciples the news that he has come back from the dead, and is going before you into Galilee; there you will see him, as I have said to you.
 και ταχυ πορευθεισαι ειπατε τοις μαθηταις αυτου οτι ηγερθη απο των νεκρων και ιδου προαγει υμας εις την γαλλιαιαν εκει αυτον οψεσθε ιδου ειπον υμιν
- 8 Fanm yo kouri kite kavo a. Yo te pè, men an menm tan tou yo te kontan. Yo t'ap kouri pote nouvèl la bay disip yo.
 And they went away quickly, with fear and great joy, to give his disciples the news.
 και εξελθουσαι ταχυ απο του μνημειου μετα φοβου και χαρας μεγαλης εδραμον απαγγελαι τοις μαθηταις αυτου
- 9 Yo rete konsa, yo wè Jezi parèt devan yo, li di yo: Bonjou, medam. Yo pwoche bò kote l', yo kenbe pye l', yo adore li.
 And on the way, Jesus came to them, saying, Be glad. And they came and put their hands on his feet, and gave him worship.
 ως δε επορευοντο απαγγελαι τοις μαθηταις αυτου και ιδου ο ιησους απητησεν αυταις λεγων χαιρετε αι δε προσελθουσαι εκρατησαν αυτου τους ποδας και προσεκυνησαν αυτω
- 10 Jezi di yo: Nou pa bezwen pè. Ale di frè m' yo pou y al nan Galile. Se la y'a wè mwen.
 Then said Jesus to them, Have no fear: go and give word to my brothers to go into Galilee, and there they will see me.
 τοτε λεγει αυταις ο ιησους μη φοβεισθε υπαγετε απαγγειλατε τοις αδελφοις μου ινα απελθωσιν εις την γαλλιαιαν κακει με οψονται
- 11 ¶ Antan medam yo te nan wout toujou, nan gad ki t'ap veye kavo a te genyen ki te gen tan tounen lavil la, yo rakonte chèf prèt yo tou sa ki te rive.
 Now, while they were going, some of the watchmen came into the town and gave news to the chief priests of all the things which had taken place.
 πορευομενων δε αυτων ιδου τινες της κουστωδιας ελθοντες εις την πολιν απηγγειλαν τοις αρχιερευσιν απαντα τα γενομενα
- 12 Lè sa a, chèf prèt yo reyini ak chèf fanmi yo, yo fè plan yo ansanm. Yo bay sòlda yo yon gwo lajan.
 And when they had come together with those in authority, and had made their decision, they gave much money to the watchmen, saying,
 και συναχθεντες μετα των πρεσβυτερων συμβουλιον τε λαβοντες αργυρια ικανα εδωκαν τοις στρατιωταις
- 13 Epi yo di yo: Se pou nou di se disip li yo ki te vin vòlò kò a pote ale lannwit antan nou t'ap dòmi.
 Say, His disciples came by night and took him away secretly while we were sleeping.
 λεγοντες ειπατε οτι οι μαθηται αυτου νυκτος ελθοντες εκλεψαν αυτον ημων κοιμωμενων
- 14 Si pawòl la tonbe nan zòrèy gouvènè a, n'a konnen ki jan pou n' pale avè l' pou nou menm, gad yo, nou pa nan traka.
 And if this comes to the ruler's ears, we will see that he does not make you responsible.
 και εαν ακουσθη τουτο επι του ηγεμονος ημεις πεισομεν αυτον και υμας αμεριμνους ποιησομεν
- 15 Sòlda yo pran lajan an, yo fè jan yo te di yo fè l' la. Se konsa, popagann sa a gaye pami jwif yo jouk jounen jòdi a.
 So they took the money, and did as they had been ordered: and this account has been current among the Jews till the present time.
 οι δε λαβοντες τα αργυρια εποιησαν ως εδιδαχθησαν και διεφημισθη ο λογος ουτος παρα ιουδαιοις μεχρι της σημερον
- 16 ¶ Onz disip yo ale sou ti mòn nan peyi Galile a, kote Jezi te di yo ale a.
 But the eleven disciples went into Galilee, to the mountain where Jesus had given them orders to go.
 οι δε ενδεκα μαθηται επορευθησαν εις την γαλλιαιαν εις το ορος ου εταξατο αυτοις ο ιησους
- 17 Lè yo wè l', yo adore li. Men, te gen nan yo ki pa t' fin kwè nèl.
 And when they saw him they gave him worship: but some were in doubt.
 και ιδοντες αυτον προσεκυνησαν αυτω οι δε εδιστασαν
- 18 Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a.
 And Jesus came to them and said, All authority has been given to me in heaven and on earth.
 και προσελθων ο ιησους ελαλησεν αυτοις λεγων εδοθη μοι πασα εξουσια εν ουρανω και επι γης

- 19 Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a.
Go then, and make disciples of all the nations, giving them baptism in the name of the Father and of the Son and of the Holy Spirit:
πορευθεντες ουν μαθητευσατε παντα τα εθνη βαπτιζοντες αυτους εις το ονομα του πατρος και του υιου και του αγιου πνευματος
- 20 Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.
Teaching them to keep all the rules which I have given you: and see, I am ever with you, even to the end of the world.
διδασκοντες αυτους τηρειν παντα οσα εντειλαμην υμιν και ιδου εγω μεθ υμων ειμι πασας τας ημερας εως της συντελειας του αιωνος αμην
- 1 ¶ Men konmansman Bon Nouvèl ki pale sou Jezikri, Pitit Bondye a.
The first words of the good news of Jesus Christ, the Son of God.
αρχη του ευαγγελιου ιησου χριστου υιου του θεου
- 2 Nan liv pwofèt Ezayi a, men sa ki te ekri: Bondye di: Men m'ap voye mesaje m' lan devan ou. La louvri chemen an pou ou.
Even as it is said in the book of Isaiah the prophet, See, I send my servant before your face, who will make ready your way;
ως γεγραπται εν τοις προφηταις ιδου εγω αποσπελλω τον αγγελον μου προ προσωπου σου ος κατασκευασει την οδον σου εμπροσθεν σου
- 3 Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Plani chemen an byen plani pou li.
The voice of one crying in the waste land, Make ready the way of the Lord, make his roads straight;
φωνη βοωντος εν τη ερημω ετοιμασατε την οδον κυριου ευθειας ποιειτε τας τριβους αυτου
- 4 Se konsa Jan te parèt nan dezè a, li t'ap batize, li t'ap mache bay mesaj sa a: -Tounen vin jwenn Bondye. vin resevwa batèm, epi Bondye va padonnen peche nou yo.
John came, and gave baptism in the waste land, preaching baptism as a sign of forgiveness of sin for those whose hearts were changed.
εγενετο ιωαννης βαπτιζων εν τη ερημω και κηρυσσων βαπτισμα μετανοιας εις αφεσιν αμαρτιων
- 5 Tout moun nan peyi Jide a ansanm ak tout pèp lavil Jerizalèm lan te vin jwenn li: yo te konfese peche yo devan tout moun, epi Jan te batize yo nan larivyè Jouden an.
And there went out to him all the people of Judaea, and all those of Jerusalem, and they were given baptism by him in the river Jordan, saying that they were sinners.
και εξεπορευετο προς αυτον πασα η ιουδαια χωρα και οι ιεροσολυμιται και εβαπτιζοντο παντες εν τω ιορδανη ποταμω υπ αυτου εξομολογουμενοι τας αμαρτιας αυτων
- 6 Jan te mete yon rad pwal chamo sou li, ak yon sentiwon an po mare nan ren li. Se krikèt ak gato myèl li te jwenn nan bwa li te manje.
And John was clothed in camel's hair, with a leather band about him; and his food was locusts and honey.
ην δε ιωαννης ενδεδυμενος τριχας καμηλου και ζωνην δερματινην περι την οσφυν αυτου και εσθιον ακριδας και μελι αγριον
- 7 Li t'ap mache bay mesaj sa a: -Moun k'ap vin apre m' lan gen plis pouvwa anpil pase m'. Mwen pa bon ase pou m' ta bese demare sapat ki nan pye li.
And he said to them all, There is one coming after me who is greater than I, whose shoes I am not good enough to undo.
και εκηρυσσεν λεγων ερχεται ο ισχυροτερος μου οπισω μου ου ουκ ειμι ικανος κυψας λυσαι τον ιμαντα των υποδηματων αυτου
- 8 Mwen menm, mwen batize nou nan dlo. Men li menm, la batize nou nan Sentespri a.
I have given you baptism with water, but he will give you baptism with the Holy Spirit.
εγω μεν εβαπτισα υμας εν υδατι αυτος δε βαπτισει υμας εν πνευματι αγιω
- 9 ¶ Menm epòk sa a, Jezi te soti Nazarèt, yon bouk nan peyi Galile. Lè sa a, Jan te batize l' nan larivyè Jouden an.
And it came about in those days, that Jesus came from Nazareth of Galilee, and was given baptism by John in the Jordan.
και εγενετο εν εκειναις ταις ημεραις ηλθεν ιησους απο ναζαρετ της γαλιλαιας και εβαπτισθη υπο ιωαννου εις τον ιορδανη
- 10 Antan Jezi t'ap soti nan dlo a, li wè syèl la louvri, epi Lespri Bondye a desann sou li an fòm yon pijon.
And straight away, coming up out of the water, he saw the heavens broken open and the Spirit coming down on him as a dove:
και ευθεως αναβαινων απο του υδατος ειδεν σχιζομενους τους ουρανους και το πνευμα ωσει περιστερην καταβαινον επ αυτον
- 11 Li tande yon vwa ki soti nan syèl la ki di: -Ou se pitit mwen renmen anpil la. Ou fè kè m' kontan anpil.
And a voice came out of heaven, You are my dearly loved Son, with whom I am well pleased.
και φωνη εγενετο εκ των ουρανων συ ει ο υιος μου ο αγαπητος εν ω ευδοκησα
- 12 Touswit apre sa, Lespri Bondye a pouse Jezi al nan dezè a.
And straight away the Spirit sent him out into the waste land.
και ευθως το πνευμα αυτον εκβαλλει εις την ερημον

- 13 Li rete la pandan karant jou, epi se la Satan vin tante l'. Jezi t'ap viv nan mitan bèt bwa yo, epi zanj Bondye yo t'ap okipe li.
And he was in the waste land for forty days, being tested by Satan; and he was with the beasts; and the angels took care of him.
και ην εκει εν τη ερημω ημερας τεσσαρακοντα πειραζομενος υπο του σατανα και ην μετα των θηριων και οι αγγελοι διηκουνουν αυτω
- 14 ¶ Apre yo te fin mete Jan nan prizon, Jezi ale nan peyi Galile pou l' te fè konnen Bon Nouvèl Bondye voye a.
Now after John had been put in prison, Jesus came into Galilee, preaching the good news of God,
μετα δε το παραδοθηναι τον ιωαννην ηλθεν ο ιησους εις την γαλλιαιαν κηρυσσων το ευαγγελιον της βασιλειας του θεου
- 15 Li t'ap di yo konsa: -Jou a rive. Koulye a, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouwva a nan men li. Tounen vin jwenn Bondye. Asepte Bon Nouvèl la.
And saying, The time has come, and the kingdom of God is near: let your hearts be turned from sin and have faith in the good news.
και λεγων οτι πεπληρωται ο καιρος και ηγγικεν η βασιλεια του θεου μετανοειτε και πιστευετε εν τω ευαγγελιω
- 16 Pandan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè de pechè pwason, Simon ak Andre, frè li a. Yo t'ap voye privye nan lanmè a.
And going by the sea of Galilee, he saw Simon, and Andrew, the brother of Simon, putting a net into the sea: for they were fishermen.
περιπατων δε παρα την θαλασσαν της γαλλιαιας ειδεν σιμωνα και ανδρεαν τον αδελφον αυτου βαλλοντας αμφιβληστρον εν τη θαλασση ησαν γαρ αλιεις
- 17 Jezi di yo konsa: -vin jwenn mwen. m'a fè nou tounen pechè moun pito.
And Jesus said to them, Come after me, and I will make you fishers of men.
και ειπεν αυτοις ο ιησους δευτε οπισω μου και ποιησω υμας γενεσθαι αλιεις ανθρωπων
- 18 Lamenm, yo kite privye yo, y' ale avèk li.
And they went straight from their nets, and came after him.
και ευθεως αφεντες τα δικτυα αυτων ηκολουθησαν αυτω
- 19 Jezi vanse pi lwen, li wè de pitit gason Zebede yo, Jak ak Jan, frè li. Yo te chita nan kannòt yo a, yo t'ap repare privye yo.
And going on a little farther, he saw James, the son of Zebedee, and John his brother, who were in their boat stitching up their nets.
και προβας εκειθεν ολιγον ειδεν ιακωβον τον του ζεβεδαιου και ιωαννην τον αδελφον αυτου και αυτους εν τω πλοιω καταρτιζοντας τα δικτυα
- 20 Lamenm, Jezi rele yo. Yo kite Zebede, papa yo, nan kannòt la ansanm ak ouvrye yo. Y' ale avèk Jezi.
And he said, Come after me: and they went away from their father Zebedee, who was in the boat with the servants, and came after him.
και ευθεως εκαλεσεν αυτους και αφεντες τον πατερα αυτων ζεβεδαιον εν τω πλοιω μετα των μισθωτων απηλθον οπισω αυτου
- 21 Apre sa, Jezi ale ak dispil li yo nan yon lavil yo rele Kapènawòm. Jou repo a, Jezi antre nan sinagòg la; li kòmanse moutre moun yo anpil bagay.
And they came to Capernaum; and on the Sabbath he went into the Synagogue and gave teaching.
και εισπορευονται εις καπερναουμ και ευθεως τοις σαββασιν εισελθων εις την συναγωγην εδιδασκεν
- 22 Yo te sezi tande sa l' t'ap moutre yo. Se pa t' menm jan avèk dirèktè lalwa yo, paske li te pale ak yo tankou yon moun ki otorize.
And they were full of wonder at his teaching, because he gave it as one having authority, and not like the scribes.
και εξεπλησσαντο επι τη διδαχη αυτου ην γαρ διδασκων αυτους ως εξουσιαν εχων και ουχ ως οι γραμματαις
- 23 ¶ Lè sa a, yon nonm ki te gen yon move lespri sou li vin antre nan sinagòg la, li pran rele:
And there was in their Synagogue a man with an unclean spirit; and he gave a cry,
και ην εν τη συναγωγη αυτων ανθρωπος εν πνευματι ακαθαρτω και ανεκραζεν
- 24 -ey Jezi, moun Nazarèt, kisa nou gen avè ou? Ou vin isit la pou detwi nou? Mwen konnen byen pwòp ki moun ou ye. Ou se moun Bondye chwazi a.
Saying, What have we to do with you, Jesus of Nazareth? have you come to put an end to us? I see well who you are, the Holy One of God.
λεγων εα τι ημιν και σοι ιησου ναζαρηνη ηλθες απολεσαι ημας οйда σε τις ει ο αγιος του θεου
- 25 Jezi pale byen fò ak move lespri ki te sou nonm lan, li di li: -Pe la! Soti sou nonm sa a.
And Jesus said to him sharply, Be quiet, and come out of him.
και επετιμησεν αυτω ο ιησους λεγων φιωθητι και εξελθε εξ αυτου
- 26 Move lespri a souke nonm lan byen souke, li bay yon gwo rèl, epi li soti, li ale.
And the unclean spirit, shaking him violently, and crying with a loud voice, came out of him.
και σπαραξαν αυτον το πνευμα το ακαθαρτον και κραξαν φωνη μεγαλη εξηλθεν εξ αυτου

- 27 Tout moun yo te sitèlman sezi, yonn t'ap mande lòt: -Sa sa ye la a menm! Sa se yon lòt bagay l'ap moutre nou la a. Menm move lespri yo, li pase yo lòd ak otorite, yo obeyi li.
And they were all greatly surprised, so that they put questions to one another, saying, What is this? a new teaching! with authority he gives orders even to the unclean spirits, and they do what he says.
και εθαμβηθησαν παντες ωστε συζητειν προς αυτους λεγοντας τι εστιν τουτο τις η διδαχη η καινη αυτη οτι κατ εξουσιαν και τοις πνευμασιν τοις ακαθαρτοις επιτασσει και υπακουουσιν αυτω
- 28 Se tout moun ki t'ap nonmen non l' nan peyi Galile a.
And news of him went out quickly everywhere into all parts of Galilee round about.
εξηλθεν δε η ακοη αυτου ευθως εις ολην την περιχωρον της γαλιλαιας
- 29 ¶ Apre sa, yo soti kite sinagòg la, y' ale ansanm ak Jak ak Jan lakay Simon ak Andre.
And when they came out of the Synagogue, they went into the house of Simon and Andrew, with James and John.
και ευθεως εκ της συναγωγης εξελθοντες ηλθον εις την οικιαν σιμωνος και ανδρεου μετα ιακωβου και ιωαννου
- 30 Bèlmè Simon an te kouche ak lafyèn. Rive Jezi rive lakay la, yo di l' sa.
Now Simon's wife's mother was ill, with a burning heat; and they gave him word of her:
η δε πενθερα σιμωνος κατακειτο πυρεσσουσα και ευθεως λεγουσιν αυτω περι αυτης
- 31 Lè sa a, li pwoche bò madanm lan, li pran men l', li fè l' leve. Latou, lafyèn la kite l', epi madanm lan resewva yo.
And he came and took her by the hand, lifting her up; and she became well, and took care of their needs.
και προσελθων ηγειρεν αυτην κρατησας της χειρος αυτης και αφηκεν αυτην ο πυρετος ευθεως και διηκονει αυτοις
- 32 Aswè, apre solèy fin kouche, yo mennen tout moun malad yo ansanm ak tou sa ki te gen move lespri sou yo bay Jezi.
And in the evening, at sundown, they took to him all who were diseased, and those who had evil spirits.
οψιας δε γενομενης οτε εδω ο ηλιος εφερον προς αυτον παντας τους κακως εχοντας και τους δαιμονιζομενους
- 33 Tout moun lavil la te sanble devan pòt kay la.
And all the town had come together at the door.
και η πολις ολη επισυνηγμενη ην προς την θυραν
- 34 Lè sa a, Jezi te geri anpil moun ki te soufri divès maladi; li te chase anpil move lespri. Men, li pa t' kite move lespri yo pale, paske yo te konnen ki moun li te ye.
And a number, who were ill with different diseases, he made well, and sent out evil spirits; but he did not let the evil spirits say anything, because they had knowledge of him.
και εθεραπευσεν πολλους κακως εχοντας ποικιλαις νοσοις και δαιμονια πολλα εξεβαλεν και ουκ ηφιεν λαλειν τα δαιμονια οτι ηδεισαν αυτον
- 35 Nan granmaten, byen bonè, li pa t' ankò fè klè, Jezi leve, li soti li kite lavil la, li al yon kote ki pa gen moun. La li t'ap lapriyè.
And in the morning, a long time before daylight, he got up and went out to a quiet place, and there he gave himself up to prayer.
και πρωι εννυχον λιαν αναστας εξηλθεν και απηλθεν εις ερημον τοπον κακει προσηυχετο
- 36 Simon ak lòt zanmi l' yo soti, yo t'ap chache Jezi.
And Simon and those who were with him came after him.
και κατεδιωξαν αυτον ο σιμων και οι μετ αυτου
- 37 Lè yo jwenn li, yo di l' konsa: -Tout moun ap chache ou wi.
And when they came up with him, they said to him, Everyone is looking for you.
και ευροντες αυτον λεγουσιν αυτω οτι παντες ζητουσιν σε
- 38 Men li reponn yo: -Ann al yon lòt kote, nan lòt bouk yo nan vwazinaj la. Fòk mwen fè yo konnen mesaj la tou. Se pou sa menm mwen vini.
And he said to them, Let us go to other parts into the nearest towns, so that I may give teaching there, because for this purpose I came.
και λεγει αυτοις αγωμεν εις τας εχομενας κωμοπολεις ινα κακει κηρυξω εις τουτο γαρ εξεληλυθα
- 39 Se konsa li te ale toupatou nan peyi Galile, li t'ap mache bay mesaj la nan sinagòg yo, li t'ap chase move lespri yo.
And he went into their Synagogues in every part of Galilee, preaching and driving out evil spirits.
και ην κηρυσσων εν ταις συναγωγαίς αυτων εις ολην την γαλιλαιαν και τα δαιμονια εκβαλλων
- 40 ¶ Yon nonm ki te gen lalèp vin jwenn Jezi; li tonbe ajenou devan li, li mande l' sekou; li di l' konsa: -Si ou vle, ou kapab geri mwen.
And a leper came to him and, going down on his knees before him, made a request, saying, If it is your pleasure, you have the power to make me clean.
και ερχεται προς αυτον λεπρος παρακαλων αυτον και γονυπετων αυτον και λεγων αυτω οτι εαν θελης δυνασαι με καθαρισαι

- 41 Kè Jezi fè l' mal, li lonje men l', li manyen nonm lan, li di li: -Wi, mwen vle ou geri.
 And being moved with pity, he put out his hand, and touching him said to him, It is my pleasure; be made clean.
 ο δε ιησους σπλαγχισθεις εκτεινας την χειρα ηψατο αυτου και λεγει αυτω θελω καθαρισθητι
- 42 Menm lè a, lalèp la kite l', li geri, li te nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
 And straight away the disease went from him, and he was made clean.
 και ειποντος αυτου ευθεως απηλθεν απ αυτου η λεπρα και εκαθαρισθη
- 43 Apre sa, Jezi voye l' ale, li pase l' lòd byen sevè.
 And he sent him away, saying to him very sharply,
 και εμβριμησαμενος αυτω ευθεως εξεβαλεν αυτον
- 44 Li di l' konsa: -Piga ou pale sa ak pesonn. Men, al fè prèt la wè ki jan ou ye. Apre sa, wa ofri sa Moyiz te bay lòd pou ofri a. Konsa wa bay tout moun prèv ou geri.
 See that you say nothing to any man: but go and let the priest see you, and make yourself clean by an offering of the things ordered by Moses, for a witness to them.
 και λεγει αυτω ορα μηδενι μηδεν ειπης αλλ υπαγε σεαυτον δειξον τω ιερει και προσενεγκε περι του καθαρισμου σου α προσεταξεν μωσης εις μαρτυριον αυτοις
- 45 Men, nonm lan pati, li pran mache fè konnen bagay la toupatou. Li sitèlman gaye nouvèl la, Jezi pa t' kapab antre ankò nan okenn lavil pou moun pa t' wè li. Li te pito rete andeyò, kote ki pa gen moun. Men, moun te sotì toupatou vin jwenn li.
 But he went out, and made it public, giving an account of it everywhere, so that Jesus was no longer able to go openly into a town, but was outside in the waste land; and they came to him from every part.
 ο δε εξελθων ηρξατο κηρυσσειν πολλα και διαφημιζειν τον λογον ωστε μηκετι αυτον δυνασθαι φανερωσ εις πολιν εισελθειν αλλ εξω εν ερημοις τοποις ην και ηρχοντο προς αυτον πανταχοθεν
- 1 ¶ Kèk jou apre sa, Jezi tounen Kapènawòm. Yo tande li te lakay li.
 And when he came into Capernaum again after some days, the news went about that he was in the house.
 και παλιν εισηλθεν εις καπερναουμ δι ημερων και ηκουσθη οτι εις οικον εστιν
- 2 Te sitèlman gen moun ki te sanble, pa t' gen plas ankò, pa menm devan pòt kay la. Jezi menm t'ap anonse yo pawòl la.
 And a great number had come together, so that there was no longer room for them, no, not even about the door: and he gave them teaching.
 και ευθεως συνηχθησαν πολλοι ωστε μηκετι χωρειν μηδε τα προς την θυραν και ελαλει αυτοις τον λογον
- 3 Se lè sa a, yon kolonn moun vin rive, kat ladan yo t'ap pote yon nonm paralize. Yo t'ap mennen l' bay Jezi.
 And four men came to him with one on a bed who had no power of moving.
 και ερχονται προς αυτον παραλυτικον φεροντες αιρομενον υπο τεσσαρων
- 4 Men, foul la te kwense anpil, kifè moun yo pa t' ka pwoche bò kot Jezi. Lè yo wè sa, yo dekouvri do kay la egzakteman sou tèt Jezi. Epi yo file nonm paralize a desann nan twou a, tou kouche sou nat li a.
 And when they were unable to get near him because of all the people, they got the roof uncovered where he was: and when it was broken up, they let down the bed on which the man was.
 και μη δυναμενοι προσεγγισαι αυτω δια τον οχλον απεστεγασαν την στεγην οπου ην και εξορυξαντες χαλωσιν τον κραββατον εφ ω ο παραλυτικος κατεκειτο
- 5 Jezi wè jan yo te gen konfyans nan li, li di nonm paralize a: -Pitit mwen, peche ou yo padonnen.
 And Jesus, seeing their faith, said to him, Son, you have forgiveness for your sins.
 ιδων δε ο ιησους την πιστιν αυτων λεγει τω παραλυτικω τεκνον αφεωνται σοι αι αμαρτια σου
- 6 Te gen kèk dirèktè lalwa chita la; yo t'ap di nan kè yo:
 But there were certain of the scribes seated there, and reasoning in their hearts,
 ησαν δε τινες των γραμματεων εκει καθημενοι και διαλογιζομενοι εν ταις καρδιαις αυτων
- 7 -Pouki nonm sa a pale mal sou Bondye konsa? Ki moun sou latè ki kapab padonnen peche? Sa se travay Bondye sèlman.
 Why does this man say such things? he has no respect for God: from whom does forgiveness come but from God only?
 τι ουτως ουτως λαλει βλασφημιας τις δυναται αφιεναι αμαρτιας ει μη εις ο θεος
- 8 Menm lè a Jezi te gen tan konnen nan fon kè l' sak t'ap pase nan tèt yo. Li di yo: -Poukisa n'ap fè lide konsa nan kè nou?
 And Jesus, having knowledge in his spirit of their thoughts, said to them, Why are you reasoning about these things in your hearts?
 και ευθεως επιγνους ο ιησους τω πνευματι αυτου οτι ουτως διαλογιζονται εν εαντοις ειπεν αυτοις τι ταυτα διαλογιζεσθε εν ταις καρδιαις υμων

- 9 Kisak pi fasil pou m' di nonm paralize a: Peche ou yo padonnen; osinon: Leve kanpe, pran nat ou, mache?
Which is the simpler, to say to a man who is ill, You have forgiveness for your sins, or, Get up, take up your bed, and go?
τι εστιν ευκοπωτερον ειπειν τω παραλυτικω αφεωνται σοι αι αμαρτια η ειπειν εγειραι και αρον σου τον κραββατον και περιπατει
- 10 Enben, m'ap fè nou konnen, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pouwva sou latè pou m' padonnen peche. Lè sa a, Jezi di nonm paralize a:
But so that you may see that the Son of man has authority for the forgiveness of sins on earth, (he said to the man,)
ινα δε ειδητε οτι εξουσιαν εχει ο υιος του ανθρωπου αφιεναι επι της γης αμαρτιας λεγει τω παραλυτικω
- 11 -Mwen di ou: leve kanpe, pran nat ou, ale lakay ou.
I say to you, Get up, take up your bed, and go to your house.
σοι λεγω εγειραι και αρον τον κραββατον σου και υπαγε εις τον οικον σου
- 12 Latou, nonm lan leve kanpe, li pran nat li, li soti devan tout moun. Yo tout te sezi, yo fè lwanj Bondye; yo t'ap di: -Nou poko janm wè bagay konsa.
And he got up, and straight away took up the bed and went out before them all, so that they were all full of wonder, and gave glory to God, saying, We have never seen anything like this.
και ηγερθη ευθεως και αρας τον κραββατον εξηλθεν εναντιον παντων ωστε εξιστασθαι παντας και δοξαζειν τον θεον λεγοντας οτι ουδεποτε ουτως ειδομεν
- 13 ¶ Jezi tounen ankò bò lanmè Galile a. Yon foul moun te vin jwenn li, epi li t'ap moutre yo anpil bagay.
And he went out again by the seaside; and all the people came to him, and he gave them teaching.
και εξηλθεν παλιν παρα την θαλασσαν και πας ο οχλος ηρχετο προς αυτον και εδιδασκεν αυτους
- 14 Antan Jezi t'ap pase konsa, li wè Levi, pitit Alfe a, chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di l' konsa: -Swiv mwen. Levi annik leve, li swiv Jezi.
And when he went by, he saw Levi, the son of Alphaeus, seated at the place where taxes were taken, and he said to him, Come with me. And he got up, and went with him.
και παραγων ειδεν λευιν τον του αλφαιου καθημενον επι το τελωνιον και λεγει αυτω ακολουθει μοι και αναστας ηκολουθησεν αυτω
- 15 Pita, Jezi t'ap manje lakay Levi. Te gen anpil lòt pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal ki t'ap swiv Jezi. Tout moun sa yo te chita bò tab avè l' ansanm ak disip li yo.
And it came about that he was seated at meat in his house, and a number of tax-farmers and sinners were at table with Jesus and his disciples: for there were a great number of them, and they came after him.
και εγενετο εν τω κατακεισθαι αυτον εν τη οικια αυτου και πολλοι τελωναι και αμαρτωλοι συνανεκειντο τω ιησου και τοις μαθηταις αυτου ησαν γαρ πολλοι και ηκολουθησαν αυτω
- 16 Kèk direktè lalwa ki te fè pati bann farizyen yo wè Jezi ap manje ak pèseptè kontribisyon yo ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo. Yo mande disip li yo: -Poukisa l'ap manje ak pèseptè kontribisyon ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal yo?
And the scribes of the Pharisees, when they saw that he was taking food with the tax-farmers and sinners, said to his disciples, Why does he take food and drink with such men?
και οι γραμματεις και οι φαρισαιοι ιδοντες αυτον εσθιοντα μετα των τελωνων και αμαρτωλων ελεγον τοις μαθηταις αυτου τι οτι μετα των τελωνων και αμαρτωλων εσθιει και πινει
- 17 Jezi tande sa, li di yo konsa: -Lè yon moun an sante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè. Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye yo, men moun k'ap fè sa ki mal yo.
And Jesus, hearing it, said to them, Those who are well have no need of a medical man, but those who are ill: I have come not to get the upright but sinners.
και ακουσας ο ιησους λεγει αυτοις ου χρειαν εχουσιν οι ισχυροντες ιατρου αλλ οι κακως εχοντες ουκ ηλθον καλεσαι δικαιους αλλα αμαρτωλους εις μετανοιαν
- 18 ¶ Yon jou, patizan Jan Batis yo t'ap fè jèn ansanm ak farizyen yo. Gen moun ki vin di Jezi konsa: -Poukisa patizan Jan Batis yo avèk disip farizyen yo fè jèn, epi disip pa ou yo pa fè jèn?
And John's disciples and the Pharisees were taking no food: and they came and said to him, Why do John's disciples and the disciples of the Pharisees go without food, but your disciples do not?
και ησαν οι μαθηται ιωαννου και οι των φαρισαιων νηστευοντες και ερχονται και λεγουσιν αυτω διατι οι μαθηται ιωαννου και οι των φαρισαιων νηστεουσιν οι δε σοι μαθηται ου νηστεουσιν
- 19 Jezi reponn yo: -Eske zanmi yon nonm k'ap marye kapab rete san manje toutotan li la avèk yo? Non, toutotan nonm k'ap marye a la avèk yo, yo pa kapab rete san manje.
And Jesus said to them, Will the friends of a newly-married man go without food while he is with them? as long as they have him with them they will not go without food.
και ειπεν αυτοις ο ιησους μη δυνανται οι υιοι του νυμφωνος εν ω ο νυμφιος μετ αυτων εστιν νηστευειν οσον χρονον μεθ εαυτων εχουσιν τον νυμφιον ου δυνανται νηστευειν
- 20 Men, lè lè a va rive pou l' pa nan mitan yo ankò, se lè sa a y'a fè jèn.
But the days will come when the husband will be taken away from them, and then they will go without food.
ελευσονται δε ημεραι οταν απαρθη απ αυτων ο νυμφιος και τοτε νηστεουσιν εν εκειναις ταις ημεραις
- 21 Pesonn pa pyese yon vye rad ak yon moso twal nèf. Si ou fè sa, moso nèf la va pati ak yon bò nan vye rad la. Lè sa a, rad la chire pi mal.
No man puts a bit of new cloth on an old coat: or the new, by pulling away from the old, makes a worse hole.
και ουδεις επιβλημα ρακουσ αγναφου επιρραπτει επι ιματιω παλαιω ει δε μη αιρει το πληρωμα αυτου το καινον του παλαιου και χειρον σχισμα γινεται

- 22 Konsa tou, pesonn pa mete diven ki fenk fèt nan vye veso an po. Si ou fè sa, diven an va pete vye veso yo, epi w'ap pèdi ni diven an ni veso yo. Men, diven ki fenk fèt, sa dwe ale nan veso an po ki fenk fèt tou.
And no man puts new wine into old wine-skins: or the skins will be burst by the wine, and the wine and the skins will be wasted: but new wine has to be put into new wine-skins.
και ουδεις βαλλει οινον νεον εις ασκουσ παλαιουσ ει δε μη ρησσει ο οινος ο νεος τους ασκουσ και ο οινος εκχειται και οι ασκοι απολουνται αλλα οινον νεον εις ασκουσ καινουσ βλητεον
- 23 Yon jou repo, Jezi t'ap pase nan yon jaden ble. Antan disip li yo t'ap mache konsa avè l', yo pran keyi kèk grap ble.
And it came about that on the Sabbath day he was going through the grain-fields; and while they were walking, his disciples took the heads of grain.
και εγενετο παραπορευεσθαι αυτον εν τοις σαββασιν δια των σποριμων και ηρξαντο οι μαθηται αυτου οδον ποιειν τιλλοντες τους σταχυασ
- 24 Farizyen yo di li konsa: -Gade non! Poukisa disip ou yo ap fè bagay lalwa nou pa pèmèt moun fè gwo jou repo a?
And the Pharisees said to him, Why are they doing what it is not right to do on the Sabbath?
και οι φαρισαιοι ελεγον αυτω ιδε τι ποιουσιν εν τοις σαββασιν ο ουκ εξεστιν
- 25 Jezi reponn yo: -Eske nou pa janm li sa David te fè yon lè li te bezwen manje pou li menm ak pou moun pa l' yo ki te grangou?
And he said to them, Have you no knowledge of what David did, when he had need and was without food, he, and those who were with him?
και αυτος ελεγεν αυτοις ουδεποτε ανεγνωτε τι εποιησεν δαβιδ οτε χρειαν εσχεν και επεινασεν αυτος και οι μετ αυτου
- 26 Sa te pase sou tan Abyata te granprèt. Nou chonje? Li antre nan kay Bondye a, li manje nan pen yo te ofri bay Bondye a. Dapre lalwa nou an, se prèt yo sèlman ki gen dwa manje pen sa yo. Malgre sa, David te pran ladan yo, li te bay moun pa l' yo manje tou.
How he went into the house of God when Abiathar was high priest, and took for food the holy bread, which only the priests may take, and gave it to those who were with him?
πως εισηλθεν εις τον οικον του θεου επι αβιαθαρ του αρχιερευωσ και τους αρτους της προθεσεωσ εφαγεν ουσ ουκ εξεστιν φαγειν ει μη τοις ιερευσιν και εδωκεν και τοις συν αυτω ουσιν
- 27 Jezi di yo ankò: -Jou repo a te fèt pou moun; se pa moun ki te fèt pou jou repo a.
And he said to them, The Sabbath was made for man, and not man for the Sabbath;
και ελεγεν αυτοις το σαββατον δια τον ανθρωπον εγενετο ουχ ο ανθρωπος δια το σαββατον
- 28 Konsa tou, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen se mèt repo a.
So that the Son of man is lord even of the Sabbath.
ωστε κυριωσ εστιν ο υιωσ του ανθρωπου και του σαββατου
- 1 ¶ Apre sa, Jezi tounen ankò nan sinagòg la. Te gen yon nonm ki te gen yon men pòk nan asanble a.
And he went again into the Synagogue; and there was a man there whose hand was dead.
και εισηλθεν παλιν εις την συναγωγην και ην εκει ανθρωπος εξηραμμενην εχων την χειρα
- 2 Moun ki te la yo t'ap veye Jezi pou wè si li t'ap geri men nonm lan jou repo a, paske yo te vle akize li.
And they were watching him to see if he would make him well on the Sabbath day, so that they might have something against him.
και παρετηρουν αυτον ει τοις σαββασιν θεραπευσει αυτον ινα κατηγορησωσιν αυτου
- 3 Jezi di nonm men pòk la: -Leve, vin kanpe la a nan mitan nou.
And he said to the man, Get up and come forward.
και λεγει τω ανθρωπω τω εξηραμμενην εχοντι την χειρα εγειραι εις το μεσον
- 4 Epi li di moun ki t'ap gade l' yo: -Kisa lalwa nou an pèmèt moun fè jou repo a? Byen osinon mal? Sove lavi yon nonm osinon kite l' mouri? Men yo pa louvri bouch yo reponn li.
And he said to them, Is it right to do good on the Sabbath or to do evil? to give life or to put to death? But they said nothing.
και λεγει αυτοις εξεστιν τοις σαββασιν αγαθοποιησαι η κακοποιησαι ψυχην σωσαι η αποκτειναι οι δε εσιωπων
- 5 Lè sa a Jezi fache, li pwonmennen je l' sou yo tout: sa te fè l' lapenn pou l' te wè jan yo te gen move santiman. Epi li di nonm lan konsa: -Lonje men ou. Nonm lan lonje men li. Latou men an geri.
And looking round on them he was angry, being sad because of their hard hearts; and he said to the man, Put out your hand. And he put it out, and his hand was made well.
και περιβλεψαμενωσ αυτους μετ οργης συλλοπουμενωσ επι τη πωρωσει της καρδιασ αυτων λεγει τω ανθρωπω εκτεινον την χειρα σου και εξετεινεν και αποκατεσταθη η χειρ αυτου υγιησ ωσ η αλλη
- 6 Menm lè a, farizyen yo soté nan sinagòg la, y' al met tèt yo ansanm ak patizan Ewòd yo pou yo wè ki jan pou yo touye Jezi.
And the Pharisees went out, and straight away made designs with the Herodians about how they might put him to death.
και εξελθοντες οι φαρισαιοι ευθεωσ μετα των ηρωδιανων συμβουλιον εποιουν κατ αυτου οπωσ αυτον απολεσωσιν

- 7 Jezi wete kò l' ak disip li yo, li ale bò lanmè Galile a. Yon gwo foul moun t'ap swiv li. Yo te soti toupatou: te gen moun Galile, moun Jide,
 And Jesus went away with his disciples to the sea, and a great number from Galilee came after him: and from Judaea,
 και ο ιησους ανεχωρησεν μετα των μαθητων αυτου προς την θαλασσαν και πολυ πληθος απο της γαλιλαιας ηκολουθησαν αυτω και απο της ιουδαιας
- 8 moun lavil Jerizalèm, moun peyi Idime, moun peyi lòt bò lariyvè Jouden an, moun nan vwazenaj lavil Tir ak lavil Sidon. Tout foul pèp sa a te vin jwenn li paske yo te tande tou sa l' t'ap fè.
 And from Jerusalem, and from Idumaea, and the other side of Jordan, and the country about Tyre and Sidon, a great number, hearing what great things he did, came to him.
 και απο ιεροσολυμων και απο της ιδουμιας και περαν του ιορδανου και οι περι τυρον και σιδωνα πληθος πολυ ακουσαντες οσα εποιει ηλθον προς αυτον
- 9 Jezi mande disip li yo pou yo pare yon kannòt pou li, pou foul la pa t' toufe l' twòp.
 And he made a request to his disciples to have a little boat ready for him, so that he might not be crushed by the people;
 και ειπεν τοις μαθηταις αυτου ινα πλοιαριον προσκαρτερη αυτω δια τον οχλον ινα μη θλιβωσιν αυτον
- 10 Paske, jan li t'ap geri anpil moun, tout malad yo te vide sou li pou yo te manyen li.
 For he had made such a great number well that all those who were diseased were falling down before him for the purpose of touching him.
 πολλους γαρ εθεραπευσεν οστε επιπιπτειν αυτω ινα αυτου αφωνται οσοι ειχον μαστιγας
- 11 Chak fwa move lespri yo te wè l', yo te tonbe nan pye l' ap plede rele: -Ou se pitit Bondye a.
 And the unclean spirits, whenever they saw him, went down before him, crying out, and saying, You are the Son of God.
 και τα πνευματα τα ακαθαρτα οταν αυτον εθεωρει προσεπιπτειν αυτω και εκραζεν λεγοντα οτι συ ει ο υιος του θεου
- 12 Men Jezi te pale sevè ak move lespri yo pou yo pa t' di ki moun li te ye.
 And he gave them special orders not to say who he was.
 και πολλα επιτιμα αυτοις ινα μη αυτον φανερον ποιησωσιν
- 13 ¶ Apre sa, li moute sou yon ti mòn. Li rele moun li te bezwen yo. Yo vin jwenn li.
 And he went up into the mountain, and sent for those whom it was his pleasure to have with him: and they went to him.
 και αναβαινει εις το ορος και προσκαλειται ους ηθελεν αυτος και απηλθον προς αυτον
- 14 Li chwazi douz nan yo pou mache ak li. Li rele yo apòt, epi li voye yo mache bay mesaj la.
 And he took twelve to be with him, so that he might send them out as preachers,
 και εποιησεν δωδεκα ινα ωσιν μετ αυτου και ινα αποστελλη αυτους κηρυσσειν
- 15 Li te ba yo pouvwa pou chase mouve lespri.
 And give them the power of driving out evil spirits:
 και εχειν εξουσιαν θεραπευειν τας νοσους και εκβαλλειν τα δαιμονια
- 16 Men douz moun li te chwazi yo: Se te Simon (Jezi te ba li yon ti non Pyè),
 To Simon he gave the second name of Peter;
 και επεθηκεν τω σιμωνι ονομα πετρον
- 17 de pitit Zebede yo: Jak ak Jan, frè l' la. Jezi te ba yo yon ti non Boanèj, ki vle di Pitit loraj.
 And to James, the son of Zebedee, and John, the brother of James, he gave the second name of Boanerges, which is, Sons of thunder:
 και ιακωβον τον του ζεβεδαιου και ιωαννην τον αδελφον του ιακωβου και επεθηκεν αυτοις ονοματα βοανεργες ο εστιν υιοι βροντης
- 18 Te gen Andre, Filip, Batèlmi, Matye, Toma, Jak, pitit Alfe a, Tade, Simon, patriyòt la,
 And Andrew, and Philip, and Bartholomew, and Matthew, and Thomas, and James, the son of Alphaeus, and Thaddaeus, and Simon the Zealot;
 και ανδρεαν και φιλιππον και βαρθολομαιον και ματθαιον και θωμαν και ιακωβον τον του αλφαιου και θαδδαιον και σιμωνα τον κανανιτην
- 19 ak Jida Iskariòt, nonm ki te lage Jezi nan men lènmi li yo.
 And Judas Iscariot, who was false to him.
 και ιουδαν ισκαριωτην ος και παρεδωκεν αυτον και ερχονται εις οικον
- 20 Apre sa, Jezi tounen lakay li. Te sitèlman gen moun ki te sanble ankò, Jezi ak disip li yo pa t' menm gen tan pou yo te manje.
 And he went into a house. And the people came together again, so that they were not even able to take bread.
 και συνερχεται παλιν οχλος οστε μη δυνασθαι αυτους μητε αρτον φαγειν

- 21 Lè fanmi Jezi yo tande sa, yo soti pou yo vin chache l' paske tout moun t'ap di: -Nonm sa a fou.
 And when his friends had news of it, they went out to get him, saying, He is off his head.
 και ακουσαντες οι παρ αυτου εξηλθον κρατησαι αυτον ελεγον γαρ οτι εξεστη
- 22 ¶ Dirèktè lalwa ki te desann soti Jerizalèm yo t'ap di konsa: -Li gen Bèlzeboul, gwo wa dyab la, sou li. Yo t'ap di tou: -Se chèf move lespri yo menm ki ba li pouvwa pou chase move lespri yo.
 And the scribes who came down from Jerusalem, said, He has Beelzebub, and, By the ruler of evil spirits he sends evil spirits out of men.
 και οι γραμματεις οι απο ιεροσολυμων καταβαντες ελεγον οτι βελζεβουλ εχει και οτι εν τω αρχοντι των δαιμονιων εκβαλλει τα δαιμονια
- 23 Jezi rele yo, li di yo an parabòl: -Ki jan Satan fè ap chase Satan?
 And turning to them, he said to them in the form of a story, How is it possible for Satan to put out Satan?
 και προσκαλεσαμενος αυτους εν παραβολαις ελεγεν αυτοις πως δυναται σατανας σαταναν εκβαλλειν
- 24 Si yon peyi gen divizyon ladan l' pou moun yo ap goumen yonn ak lòt, peyi sa a pa la pou lontan.
 If there is division in a kingdom, that kingdom will come to destruction;
 και εαν βασιλεια εφ εαυτην μερισθη ου δυναται σταθηναι η βασιλεια εκεινη
- 25 Si gen divizyon nan yon fanmi, fanmi sa a pa la pou lontan.
 And if there is division in a house, that house will come to destruction;
 και εαν οικια εφ εαυτην μερισθη ου δυναται σταθηναι η οικια εκεινη
- 26 Se sak fè, si Satan konbat pwòp tèt li, si gen divizyon nan peyi Satan, pouvwa Satan an pa la pou lontan. Talè konsa l'ap fini.
 And if Satan is at war with himself, and there is division in him, he will not keep his place but will come to an end.
 και ει ο σατανας ανεστη εφ εαυτον και μεμερισται ου δυναται σταθηναι αλλα τελος εχει
- 27 Pesonn pa kapab antre lakay yon nonm vanyan pou piye sa l' genyen, si li pa mare nonm vanyan an anvan. Lè li fin mare l', la piye kay la.
 But no one is able to go into the house of the strong man and take his goods, without first putting cords round the strong man, and then he will take his goods.
 ου δυναται ουδεις τα σκευη του ισχυρου εισελθων εις την οικιαν αυτου διαρπασαι εαν μη πρωτον τον ισχυρον δηση και τοτε την οικιαν αυτου διαρπασει
- 28 Se vre wi, sa m'ap di nou la a: Bondye va padonnen lèzòm tout peche y'a fè, ak tout move pawòl ki va soti nan bouch yo.
 Truly, I say to you, The sons of men will have forgiveness for all their sins and for all the evil words they say:
 αμην λεγω υμιν οτι παντα αφεθησεται τα αμαρτηματα τοις υιοις των ανθρωπων και βλασφημια σσας αν βλασφημησωσιν
- 29 Men, moun ki va pale mal sou Sentespri a, moun sa a p'ap janm jwenn padon, paske lè sa a l'ap fè yon peche k'ap rete pou tout tan.
 But whoever says evil things against the Holy Spirit will never have forgiveness, but the evil he has done will be with him for ever:
 ος δ αν βλασφημηση εις το πνευμα το αγιον ουκ εχει αφεσιν εις τον αιωνα αλλ ενοχος εστιν αιωνιου κρισεως
- 30 Jezi te pale konsa paske yo t'ap di-Li gen yon move lespri sou li.
 Because they said, He has an unclean spirit.
 οτι ελεγον πνευμα ακαθαρτον εχει
- 31 ¶ Apre sa, manman Jezi ak frè l' yo vin rive. Yo kanpe deyò a, yo fè rele li.
 And his mother and brothers came and were outside, and sent for him, requesting to see him.
 ερχονται ουν οι αδελφοι και η μητηρ αυτου και εξω εστωτες απεστειλαν προς αυτον φωνουντες αυτον
- 32 Jezi te nan mitan yon foul moun ki te chita. Yo di l' konsa: -Men manman ou ak frè ou yo deyò a, y'ap mande pou ou.
 And a great number were seated round him; and they said to him, See, your mother and your brothers are outside looking for you.
 και εκαθητο οχλος περι αυτον ειπον δε αυτω ιδου η μητηρ σου και οι αδελφοι σου εξω ζητουσιν σε
- 33 Li reponn yo: -Kilès ki manman m', kilès ki frè mwen?
 And he said in answer, Who are my mother and my brothers?
 και απεκριθη αυτοις λεγων τις εστιν η μητηρ μου η οι αδελφοι μου
- 34 Epi li pwonmennen je l' sou moun ki te chita sou kote l' yo, li di konsa: -Gade: men manman m', men frè m' yo.
 And looking round at those who were seated about him, he said, See, my mother and my brothers!
 και περιβλεψαμενος κυκλω τους περι αυτον καθημενους λεγει ιδε η μητηρ μου και οι αδελφοι μου

- 35 Paske, tout moun ki fè sa Bondye mande yo fè, se moun sa yo ki frè m', ki sè m', ki manman mwen.
Whoever does God's pleasure, the same is my brother, and sister, and mother.
ος γαρ αν ποιηση το θελημα του θεου ουτος αδελφος μου και αδελφη μου και μητηρ εστιν
- 1 ¶ Jezi te rekòmnanse ap bay mesaj la bò lanmè Galile a ankò. Foul moun ki te sanble bò kote l' la te sitèlman anpil, li te blije moute chita nan yon kannòt ki te sou lanmè a. Tout foul moun yo menm te rete atè sou rivaj la, toupre dlo a.
And again he was teaching by the seaside. And a very great number of people had come to him, so that he got into a boat on the sea and took his seat; and all the people were on the land by the seaside.
και παλιν ηρξατο διδασκειν παρα την θαλασσαν και συνηχθη προς αυτον οχλος πολυς ωστε αυτον εμβαντα εις το πλοιον καθησθαι εν τη θαλασση και πας ο οχλος προς την θαλασσαν επι της γης ην
- 2 Li t'ap rakonte yo kèk parabòl pou l' te moutre yo anpil bagay. Li di yo konsa:
And he gave them teaching about a number of things in the form of stories, and said to them in his teaching, Give ear:
και εδιδασκεν αυτους εν παραβολαις πολλα και ελεγεν αυτοις εν τη διδαχη αυτου
- 3 -Koute! Yon nonm soti pou li al simen grenn nan jaden li.
A man went out to put seed in the earth:
ακουετε ιδου εξηλθεν ο σπειρων του σπειραι
- 4 Pandan li t'ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò chemen an. Zwazo vini, yo manje yo.
And while he was doing it, some was dropped by the wayside, and the birds came and took it for food.
και εγενετο εν τω σπειρειν ο μεν επεσεν παρα την οδον και ηλθεν τα πετεινα του ουρανου και κατεφαγεν αυτο
- 5 Yon pati tonbe nan mitan wòch, kote ki pa t' gen anpil tè. Grenn sa yo leve byen vit, paske tè a pa t' fon.
And some went on the stones, where it had not much earth; and it came up straight away, because the earth was not deep:
αλλο δε επεσεν επι το πετρωδες οπου ουκ ειχεν γην πολλην και ευθεως εξανετειλεν δια το μη εχειν βαθος γης
- 6 Men, lè solèy la chofo, li boule ti plant yo. Yo cheche paske rasen yo pa t' fon.
And when the sun was high, it was burned; and because it had no root, it became dry and dead.
ηλιου δε ανατειλαντος εκαυματισθη και δια το μη εχειν ριζαν εξηρανθη
- 7 Yon lòt pati tonbe nan mitan pye pikan. Pikan yo grandi, yo toufe bon ti plant yo, kifè yo pa t' ka donnèn.
And some went among the thorns, and the thorns came up, and it had no room for growth and gave no fruit.
και αλλο επεσεν εις τας ακανθας και ανεβησαν αι ακανθαι και συνεπιξαν αυτο και καρπον ουκ εδοκεν
- 8 Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè. Plant yo leve, yo grandi, yo donnèn. Gen ladan yo ki bay trant grenn, lòt bay swasant, lòt ankò bay san (100).
And some, falling on good earth, gave fruit, coming up and increasing, and giving thirty, sixty, and a hundred times as much.
και αλλο επεσεν εις την γην την καλην και εδιδου καρπον αναβαινοντα και αυξανοντα και εφερεν εν τριακοντα και εν εξηκοντα και εν εκατον
- 9 Apre sa, Jezi di yo konsa: -Si nou gen zòrèy poun tande, tande.
And he said to them, Whoever has ears, let him give ear.
και ελεγεν αυτοις ο εχων ωτα ακουειν ακουετω
- 10 Apre Jezi te fin kite gwo foul moun yo dèyè, moun ki te toupre l' yo ansanm ak douz disp li yo di li: -Esplike nou parabòl sa a non.
And when he was by himself, those who were round him with the twelve put questions to him about the purpose of the stories.
οτε δε εγενετο καταμονας ηρωτησαν αυτον οι περι αυτον συν τοις δωδεκα την παραβολην
- 11 Li di yo: -Nou menm, nou resevwa sekre Peyi kote Bondye Wa a; men moun ki deyò yo, yo tande tout bagay an parabòl.
And he said to them, To you is given the secret of the kingdom of God, but to those who are outside, all things are given in the form of stories;
και ελεγεν αυτοις υμιν δεδοται γνωβαι το μυστηριον της βασιλειας του θεου εκεινοις δε τοις εξω εν παραβολαις τα παντα γινεται
- 12 Konsa Yo mèt gade byen gade, men yo p'ap wè. Yo mèt tande byen tande, men yo p'ap konprann, pou yo pa tounen vin jwenn Bondye, pou Bondye padonnen peche yo.
So that seeing they may see, and it will not be clear to them; and hearing it, they will not get the sense; for fear that they may be turned again to me and have forgiveness.
ινα βλεποντες βλεπωσιν και μη ιδωσιν και ακουοντες ακουωσιν και μη συνιωσιν μηποτε επιστρεψωσιν και αφεθη αυτοις τα αμαρτηματα

- 13 Apre sa, Jezi di yo: -Nou pa konprann parabòl sa a? Ki jan n'a fè pou nou konprann tout lòt parabòl yo? Koute!
And he said to them, If you are not clear about this story, how will you be clear about the others?
και λεγει αυτοις ουκ οιδατε την παραβολην ταυτην και πως πασας τας παραβολας γνωσεσθε
- 14 Nonm k'ap simen an, se pawòl Bondye a l'ap simen.
The seed is the word.
ο σπειρων τον λογον σπειρει
- 15 Gen moun, yo sanble ak tè bò chemen kote pawòl la tonbe a. Kou yo tande l', Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.
And these are they by the wayside, where the word is planted; and when they have given ear, the Evil One comes straight away and takes away the word which has been planted in them.
ουτοι δε εισιν οι παρα την οδον οπου σπειρεται ο λογος και οταν ακουσωσιν ευθεως ερχεται ο σατανας και αιρει τον λογον τον εσπαρμενον εν ταις καρδιαις αυτων
- 16 Konsa tou, gen lòt ki resevwa grenn yo tankou tè ki gen anpil wòch la. Lè yo fèk tande pawòl la, yo resevwa l' ak kè kontan.
And in the same way, these are they who are planted on the stones, who, when the word has come to their ears, straight away take it with joy;
και ουτοι εισιν ομοιως οι επι τα πετρωδη σπειρομενοι οι οταν ακουσωσιν τον λογον ευθεως μετα χαρας λαμβανουσιν αυτον
- 17 Men, yo pa kite l' pouse rasen nan kè yo. Yo pa kenbe l' pou lontan. Lè yo tonbe anba tèt chaje ak pèsekisyon akòz pawòl Bondye a, lamennm yo jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche.
And they have no root in themselves, but go on for a time; then, when trouble comes or pain, because of the word, they quickly become full of doubts.
και ουκ εχουσιν ριζαν εν εαυτοις αλλα προσκαιροι εισιν ειτα γενομενης θλιψεως η διωγμου δια τον λογον ευθεως σκανδαλιζονται
- 18 Gen lòt moun ankò, yo resevwa grenn yo tankou nan mitan pye pikan: yo tande pawòl la,
And others are those planted among the thorns; these are they who have given ear to the word,
και ουτοι εισιν οι εις τας ακανθας σπειρομενοι ουτοι εισιν οι τον λογον ακουοντες
- 19 men, traka lavi, anvì gen lajan ak tout lòt anvì yo antre nan kè yo, toufe pawòl la. Kifè yo pa bay anyen menm.
And the cares of this life, and the deceits of wealth, and the desire for other things coming in, put a stop to the growth of the word, and it gives no fruit.
και αι μεριμναι του αιωνος τουτου και η απατη του πλουτου και αι περι τα λοιπα επιθυμια εισπορευομεναι συμπνιγουσιν τον λογον και ακαρπος γινεται
- 20 Pou fini, gen moun ki tankou bon tè a; yo tande pawòl la, yo resevwa l' epi yo donnen. Gen ladan yo ki bay trant pou yonn, lòt bay swasant pou yonn, lòt ankò bay san (100) pou yonn.
And these are they who were planted on the good earth; such as give ear to the word, and take it into their hearts, and give fruit, thirty and sixty and a hundred times as much.
και ουτοι εισιν οι επι την γην την καλην σπαρεντες οιτινες ακουουσιν τον λογον και παραδεχονται και καρποφορουσιν εν τριακοντα και εν εξηκοντα και εν εκατον
- 21 ¶ Apre sa, li di yo ankò: -Yo pa limen yon lanp pou yo mete l' anba yon mamit osinon anba yon kabann, pa vre? Eske se pa sou yon etajè pou yo mete li?
And he said to them, When the light comes in, do people put it under a vessel, or under the bed, and not on its table?
και ελεγεν αυτοις μητι ο λυχνος ερχεται ινα υπο τον μοδιον τεθη η υπο την κλινην ουχ ινα επι την λυχνιαν επιτεθη
- 22 Nanpwen anyen ki kache ki p'ap devwale yon jou. Konsa tou, nanpwen sekrè ki p'ap parèt aklè yon lè.
There is nothing covered which will not be seen openly, and nothing has been made secret which will not come to light.
ου γαρ εστιν τι κρυπτον ο εαν μη φανερωθη ουδε εγενετο αποκρυφον αλλ ινα εις φανερον ελθη
- 23 Si nou gen zòrèy poun tande, tande.
If any man has ears, let him give ear.
ει τις εχει οτα ακουειν ακουετω
- 24 Li di yo toujou: -Fè atansyon sa n'ap tande la a. Mezi nou sèvi pou mezire lòt moun, se li menm Bondye va pran pou mezire nou tou, ak tout degi l' sou li.
And he said to them, Take care what you give ear to: in the same measure as you give you will get, and more will be given to you.
και ελεγεν αυτοις βλεπετε τι ακουετε εν ω μετρω μετρειτε μετρηθησεται υμιν και προσεθησεται υμιν τοις ακουουσιν
- 25 Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò. Men moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan men l' ata ti sa l' te genyen an.
He who has, to him will be given: and he who has not, from him will be taken even that which he has.
ος γαρ αν εχη δοθησεται αυτω και ος ουκ εχει και ο εχει αρθησεται απ αυτου
- 26 Li di yo ankò: -Men ki jan sa ye nan Peyi kote Bondye Wa a. Se tankou yon nonm ki simen grenn nan jaden li.
And he said, Such is the kingdom of God, as if a man put seed in the earth,
και ελεγεν ουτως εστιν η βασιλεια του θεου ως εαν ανθρωπος βαλη τον σπορον επι της γης

- 27 Apre sa, lannwit li dòmi, lajounen li leve fè zafè li. San l' pa konnen ki jan pa ki jan, grenn yo pouse, yo grandi.
And went to sleep and got up, night and day, and the seed came to growth, though he had no idea how.
και καθευδη και εγειρηται νυκτα και ημεραν και ο σπορος βλαστανη και μηκυνηται ως ουκ οιδεν αυτος
- 28 Tou sa, paske se tè a menm ki fè plant yo grandi pou yo donnen. Pou kòmanse yo pouse fèy, answit yo pouse flèch, apre sa grenn plen flèch la.
The earth gives fruit by herself; first the leaf, then the head, then the full grain.
αυτοματη γαρ η γη καρποφορει πρωτον χορτον ειτα σταχυν ειτα πληρη σιτον εν τω σταχυι
- 29 Lè grenn yo mi se lè sa a nonm lan mete manchèt ladan l', paske sezon rekòt la rive.
But when the grain is ready, he quickly sends men to get it cut, because the time for cutting has come.
οταν δε παραδω ο καρπος ευθεως αποσπελλει το δρεπανον οτι παρεστηκεν ο θερισμος
- 30 Li di yo ankò: -Kisa m' ta di Peyi kote Bondye Wa a sanble ankò? Ki parabol mwen ta ban nou pou fè nou konprann sa li ye?
And he said, What picture may we give of the kingdom of God, or with what story may we make it clear?
και ελεγεν τινι ομοιωσωμεν την βασιλειαν του θεου η εν ποια παραβολη παραβαλωμεν αυτην
- 31 Enben, li menm jan ak yon ti grenn moutad. Lè ou simen l', se yon ti grenn tou piti. Se li ki pi piti nan tout grenn ki sou latè.
It is like a grain of mustard seed, which, when it is put in the earth, is smaller than all the seeds on the earth,
ως κοκκω σιναπεως ος οταν σπαρη επι της γης μικροτερος παντων των σπερματων εστιν των επι της γης
- 32 Men, lè ou fin simen l', li pran grandi: li depase tout plant menm kalite avè l', li pouse gwo branch. Konsa, zwazo nan syèl la ka fè nich nan lonbraj yo.
But when it is planted, it comes up, and becomes taller than all the plants, and puts out great branches, so that the birds of heaven are able to take rest in its shade.
και οταν σπαρη αναβαινει και γινεται παντων των λαχων μειζων και ποιει κλαδους μεγαλους ωστε δυνασθαι υπο την σκιαν αυτου τα πετεινα του ουρανου κατασκηνου
- 33 Se avèk anpil parabol konsa li t'ap ba yo mesaj li a. Li te fè l' yon jan pou yo tout te ka konprann li.
And with a number of such stories he gave them his teaching, as they were able to take it:
και τοιαυται παραβολαις πολλαις ελαλει αυτοις τον λογον καθως ηδυναντο ακουειν
- 34 Li pa t' louvri bouch li pou l' pa t' rakonte yo yon parabol. Men, lè l' te pou kont li avèk disip li yo, li te esplik yo tout bagay.
And without a story he said nothing to them: but privately to his disciples he made all things clear.
χωρις δε παραβολης ουκ ελαλει αυτοις κατ ιδιαν δε τοις μαθηταις αυτου επελευν παντα
- 35 ¶ Menm jou sa a, lè solèy fin kouche, Jezi di disip li yo: -Ann janbe lòt bò lanmè a non.
And on that day, when the evening had come, he said to them, Let us go over to the other side.
και λεγει αυτοις εν εκεινη τη ημερα οψιας γενομενης διελθωμεν εις το περαν
- 36 Se konsa disip yo te kite foul moun yo dèyè, yo pati ansanm ak Jezi nan kannòt kote li te chita a. Te gen lòt kannòt tou ki te ale avèk yo.
And going away from the people, they took him with them, as he was, in the boat. And other boats were with him.
και αφεντες τον οχλον παραλαμβανουσιν αυτον ως ην εν τω πλοιω και αλλα δε πλοιαρια ην μετ αυτου
- 37 Yon gwo van vin leve, lanm yo kòmanse antre nan kannòt la. Yon sèl kou a, kannòt la t'ap fin plen dlo.
And a great storm of wind came up, and the waves came into the boat, so that the boat was now becoming full.
και γινεται λαλαψ ανεμου μεγαλη τα δε κυματα επεβαλλεν εις το πλοιον ωστε αυτο ηδη γεμιζεσθαι
- 38 Jezi menm, lè sa a, te nan dèyè kannòt la. Li t'ap dòmi, tèt li apiye sou yon ti zòrye. Disip li yo souke l', yo di l' konsa: -Mèt, mèt, se mouri n'ap mouri wi! Sa pa di ou anyen?
And he himself was in the back of the boat, sleeping on the cushion: and they, awaking him, said, Master, is it nothing to you that we are in danger of destruction?
και ην αυτος επι τη πρυμνη επι το προσκεφαλαιον καθευδων και διεγειρουσιν αυτον και λεγουσιν αυτω διδασκαλε ου μελει σοι οτι απολλυμεθα
- 39 Jezi leve, li pale byen fò ak van an, li di: -Pe la. Li di dlo a: -Rete trankil. Latou, van an tonbe epi vin gen yon gran kalmi.
And he came out of his sleep, and gave strong orders to the wind, and said to the sea, Peace, be at rest. And the wind went down, and there was a great calm.
και διεγερθεις επετιμησεν τω ανεμω και ειπεν τη θαλασση σιωπα πεφμωσο και εκοπασεν ο ανεμος και εγενετο γαληνη μεγαλη
- 40 Apre sa, li di yo: -Men, poukisa nou pè konsa? Nou poko gen konfyans toujou?
And he said to them, Why are you full of fear? have you still no faith?
και ειπεν αυτοις τι δειλοι εστε ουτως πως ουκ εχετε πιστιν

- 41 Men disp yo te pè anpil anpil, yonn t'ap di lòt konsa: -Ki moun li ye menm, pou jouk van ak dlo lanmè a obeyi li?
 And their fear was great, and they said one to another, Who then is this, that even the wind and the sea do his orders?
 και εφοβηθησαν φοβον μεγαν και ελεγον προς αλληλους τις αρα ουτος εστιν οτι και ο ανεμος και η θαλασσα υπακουουσιν αυτω
- 1 ¶ Jezi ak disp li yo rive lòt bò lanmè Galile a, nan peyi Jerazenyen yo.
 And they came to the other side of the sea, into the country of the Gerasenes.
 και ηλθον εις το περαν της θαλασσης εις την χωραν των γαδαρηνων
- 2 Jezi desann soti nan kannòt la. Menm lè a, yon nonm soti nan mitan tonm mò yo, li vin devan Jezi.
 And when he had got out of the boat, straight away there came to him from the place of the dead a man with an unclean spirit.
 και εξελθοντι αυτω εκ του πλοιου ευθεως απηνητησεν αυτω εκ των μνημειων ανθρωπος εν πνευματι ακαθαρτω
- 3 Nonm sa a te gen yon move lespri sou li, li te pran tonm yo fè kay li. Pesonn pa t' kapab mare l', pa menm avèk chenn.
 He was living in the place of the dead: and no man was able to keep him down, no, not with a chain;
 ος την κατοικησιν ειχεν εν τοις μνημειοις και ουτε αλυσειν ουδεις ηδυνατο αυτον δεσαι
- 4 Anpil fwa, yo te mete tou de pye l' yo nan yon sep an fè, yo te mare tou de menm l' yo ak yon chenn. Men, chak fwa, li te jwenn mwayen kase ni chenn lan, ni sèp la. Pesonn pa t' gen fòs ase pou donte li.
 Because he had frequently been prisoned in chains and iron bands, and the chains had been parted and the bands broken by him: and no man was strong enough to make him quiet.
 δια το αυτον πολλακις πεδαις και αλυσειν δεδεσθαι και διεσπασθαι υπ αυτου τας αλυσεις και τας πεδας συντετριφθαι και ουδεις αυτον ισχυεν δαμασαι
- 5 Tout tan, lajounen kou lannwit, li t'ap pwonmennen nan mitan tonm yo osinon sou ti mòn yo. Li t'ap rele san rete, li t'ap matirize kò l' ak kout wòch.
 And all the time, by day and by night, in the place of the dead, and in the mountains, he was crying out and cutting himself with stones.
 και διαπαντος νυκτος και ημερας εν τοις ορεσιν και εν τοις μνημασιν ην κραζων και κατακοπτων εαυτον λιθοις
- 6 Li te yon bèl distans lè li wè Jezi. Li kouri, li vin mete ajenou devan li.
 And when he saw Jesus from far off, he went quickly to him and gave him worship;
 ιδων δε τον ιησουν απο μακροθεν εδραμεν και προσεκυνησεν αυτω
- 7 Li pran rele byen fò, li di l' konsa: -Kisa m' gen avèk ou, Jezi, pitit Bondye ki nan syèl la? Tanpri souple, nan non Bondye, pa fè m' soufri.
 And crying out with a loud voice he said, What have I to do with you, Jesus, Son of the Most High God? In God's name, do not be cruel to me.
 και κραζας φωνη μεγαλη ειπεν τι εμοι και σοι ιησου υιε του θεου του υψιστου ορκιζω σε τον θεον μη με βασανισης
- 8 (Li te pale konsa, paske Jezi te pase l' lòd sa a: Move lespri, soti sou nonm lan).
 For Jesus had said to him, Come out of the man, you unclean spirit.
 ελεγεν γαρ αυτω εξελθε το πνευμα το ακαθαρτον εκ του ανθρωπου
- 9 Lè sa a, Jezi mande li: -Ki jan ou rele? Li reponn li: -Yo rele m' Rejiman, paske nou anpil.
 And Jesus said, What is your name? And he made answer, My name is Legion, because there are a great number of us.
 και επηρωτα αυτον τι σοι ονομα και απεκριθη λεγων λεγεων ονομα μοι οτι πολλοι εσμεν
- 10 Epi li di Jezi: -Tanpri souple, pa mete nou deyò nan peyi a.
 And he made strong prayers to him not to send them away out of the country.
 και παρεκαλει αυτον πολλα ινα μη αυτους αποστειλη εξω της χωρας
- 11 Sou ti mòn lan te gen yon bann kochon ki t'ap chache manje pou yo manje.
 Now on the mountain side there was a great herd of pigs getting their food.
 ην δε εκει προς τα ορη αγελη χοιρων μεγαλη βοσκομενη
- 12 Tout move lespri yo pran mande Jezi: -Tanpri souple, voye nou sou kochon sa yo non poun antre nan yo.
 And they said to him, Send us into the pigs, so that we may go into them.
 και παρεκαλεσαν αυτον παντες οι δαιμονες λεγοντες πεμψον ημας εις τους χοιρους ινα εις αυτους εισελθωμεν

- 13 Jezi bay yo pèmisyon sa a. Lè sa a, move lespri yo soti sou nonm lan, yo antre nan kochon yo. Lamenn, tout bann kochon yo pran degrengole desann bò falèz la, al neye tèt yo nan lanmè. Te gen demil (2.000) kochon konsa nan bann lan.
 And he let them do it. And the unclean spirits came out and went into the pigs; and the herd went rushing down a sharp slope into the sea, about two thousand of them; and they came to their death in the sea.
 και επετρεψεν αυτοις ευθεως ο ιησους και εξελθοντα τα πνευματα τα ακαθαρτα εισηλθον εις τους χοιρους και ωρμησεν η αγελη κατα του κρημνου εις την θαλασσαν ησαν δε ως δισχιλιοι και επινυγοντ ο εν τη θαλασση
- 14 Moun ki t'ap gade kochon yo pran kouri. Yo gaye nouvèl la nan lavil la kou andeyò. Moun soti toupату vin wè sak te rive.
 And their keepers went running and gave an account of it in the town and in the country. And people came to see what had taken place.
 οι δε βοσκοντες τους χοιρους εφυγον και ανηγγειλαν εις την πολιν και εις τους αγρους και εξηλθον ιδειν τι εστιν το γεγονος
- 15 Lè yo rive bò kote Jezi te ye a, yo wè nonm ki te gen rejiman move lespri sou li a. Li te chita chita l', byen abiye ak tout bon sans li sou li. Yo tout te pè.
 And they came to Jesus, and saw the man in whom had been the evil spirits seated, clothed and with full use of his senses, and they were full of fear.
 και ερχονται προς τον ιησουν και θεωρουσιν τον δαιμονιζομενον καθημενον και ιματισμενον και σωφρονουντα τον εσχηκοτα τον λεγεωνα και εφοβηθησαν
- 16 Moun ki te asiste bagay la mete rakonte lòt yo sa ki te rive nonm ak move lespri a ansanm ak kochon yo.
 And those who had seen it gave them an account of what had been done to him who had the evil spirits, and of the fate of the pigs.
 και διηγησαντο αυτοις οι ιδοντες πως εγενετο τω δαιμονιζομενω και περι των χοιρων
- 17 Lè sa a, yo mande Jezi: -Tanpri souple, kite peyi a.
 And they made a request to him to go out of their country.
 και ηρξαντο παρακαλειν αυτον απελθειν απο των οριων αυτων
- 18 Antan Jezi t'ap moute nan kannòt la, nonm ki te gen move lespri a mande l' pèmisyon pou li ale ave l' tou.
 And when he was getting into the boat, the man in whom had been the evil spirits had a great desire to come with him.
 και εμβαντος αυτου εις το πλοιον παρεκαλει αυτον ο δαιμονισθεις ινα η μετ αυτου
- 19 Men Jezi pa t' kite l' ale, li di l' konsa: -Ale, tounen lakay ou, nan mitan fanmi ou yo. Rakonte yo tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te gen pitye pou ou.
 And he would not let him, but said to him, Go to your house, to your friends, and give them news of the great things the Lord has done for you, and how he had mercy on you.
 ο δε ιησους ουκ αφηκεν αυτον αλλα λεγει αυτω υπαγε εις τον οικον σου προς τους σους και αναγγειλον αυτοις οσα σοι ο κυριος εποιησεν και ηλεησεν σε
- 20 Nonm lan pati, li ale nan tout rejyon yo rele Dis Vil la. Li mache fè konnen tou sa Jezi te fè pou li. Se te yon gwo sezisman pou tout moun ki te tande l' pale.
 And he went on his way, and made public in the country of Decapolis what great things Jesus had done for him: and all men were full of wonder.
 και απηλθεν και ηρξατο κηρυσσειν εν τη δεκαπολει οσα εποιησεν αυτω ο ιησους και παντες εθαυμαζον
- 21 ¶ Jezi tounen lòt bò lanmè a. Li annik desann soti nan kannòt la, yon foul moun gen tan sanble bò kote li. Antan li sou rivaj la,
 And when Jesus had gone over again in the boat to the other side, a great number of people came to him: and he was by the sea.
 και διαπερασαντος του ιησου εν τω πλοιω παλιν εις το περαν συνηχθη οχλος πολυς επ αυτον και ην παρα την θαλασσαν
- 22 Jayiris, yonn nan chèf sinagòg yo, vin rive. Lè Jayiris wè Jezi, li lage kò l' nan pye li.
 And one of the rulers of the Synagogue, Jairus by name, came, and seeing him, went down at his feet,
 και ιδου ερχεται εις των αρχισυναγωγων ονοματι ιαιρος και ιδων αυτον πιπτει προς τους ποδας αυτου
- 23 Li mande Jezi: -Pitif fi m' lan prèt pou mouri. Tanpri souple, vin mete men ou sou li pou l' ka geri. vin ba l' lavi pou mwen.
 And made strong prayers to him, saying, My little daughter is near to death: it is my prayer that you will come and put your hands on her, so that she may be made well, and have life.
 και παρεκαλει αυτον πολλα λεγων οτι το θυγατριον μου εσχατως εχει ινα ελθων επιθης αυτη τας χειρας οπως σωθη και ζησεται
- 24 Jezi pati avèk li. Yon gwo foul moun t'ap swiv li. Yo te kwense l' toupату.
 And he went with him; and a great number of people went after him, and came round him.
 και απηλθεν μετ αυτου και ηκολουθει αυτω οχλος πολυς και συνεθλιβον αυτον
- 25 Men te gen yon fanm nan foul la ki te malad: li te gen pèdisyon depi douzan.
 And a woman, who had had a flow of blood for twelve years,
 και γυνη τις ουσα εν ρυσει αιματος ετη δωδεκα

- 26 Li te soufri anpil nan men plizyè dòktè, li te fin depanse tout byen li; men li pa t' jwenn okenn soulajman. Okontrè, maladi a te vin pi rèd sou li.
And had undergone much at the hands of a number of medical men, and had given all she had, and was no better, but even worse,
και πολλα παθουσα υπο πολλων ιατρων και διαπηνησασα τα παρ εαυτης παντα και μηδεν ωφεληθεισα αλλα μαλλον εις το χειρον ελθουσα
- 27 Li te tande pale sou Jezi. Li fofile kò l' nan foul la pa dèyè Jezi, epi li manyen ke rad li.
When she had news of the things which Jesus did, went among the people coming after him, and put her hand on his robe.
ακουσασα περι του ιησου ελθουσα εν τω οχλω οπισθεν ηψατο του ιματιου αυτου
- 28 Fanm lan te di nan kè l': Si m' kapab manyen ke rad li sèlman, m'a geri.
For she said, If I may only put my hand on his robe, I will be made well.
ελεγεν γαρ οτι καν των ιματιων αυτου αφωμαι σωθησομαι
- 29 Menm lè a san an rete, epi madanm lan santi kò l' gaya.
And straight away the fountain of her blood was stopped, and she had a feeling in her body that her disease had gone and she was well.
και ευθεως εξηρανη η πηγη του αιματος αυτης και εγνω τω σωματι οτι ιαται απο της μαστιγος
- 30 Latou, Jezi santi te gen yon fòs ki soti nan li; li vire nan mitan foul moun yo, li di konsa: -Ki moun ki manyen rad mwen an, en?
And straight away Jesus was conscious that power had gone out of him; and, turning to the people, he said, Who was touching my robe?
και ευθεως ο ιησους επιγνους εν εαυτω την εξ αυτου δυναμιν εξελθουσας επιστραφεις εν τω οχλω ελεγεν τις μου ηψατο των ιματιων
- 31 Disip li yo reponn li: -Ou wè jan foul moun yo ap kwense ou, epi w'ap mande: Ki moun ki manyen ou?
And his disciples said to him, You see the people round you on every side, and you say, Who was touching me?
και ελεγον αυτω οι μαθηται αυτου βλεπεις τον οχλον συνθλιβοντα σε και λεγεις τις μου ηψατο
- 32 Men Jezi t'ap pwonmennen je l' toupatou pou wè moun ki te fè l' sa a.
And on his looking round to see her who had done this thing,
και περιεβλεπετο ιδειν την τουτο ποιησασαν
- 33 Fanm lan menm ki te konnen sak te rive l' t'ap tranble kou yon fèy bwa tank li te pè. Li vin lage kò l' nan pye Jezi. Li di l' tout verite a.
The woman, shaking with fear, conscious of what had been done to her, came and, falling on her face before him, gave him a true account of everything.
η δε γυνη φοβηθεισα και τρεμουσα ειδυια ο γεγονεν επ αυτη ηλθεν και προσεπεσεν αυτω και ειπεν αυτω πασαν την αληθειαν
- 34 Jezi di li: -Mafi, se konfyans ou nan Bondye ki geri ou. Ou mèt ale ak kè poze, tande. Ou geri nèt.
And he said to her, Daughter, your faith has made you well; go in peace, and be free from your disease.
ο δε ειπεν αυτη θυγατερ η πιστις σου σεσωκεν σε υπαγε εις ειρηνην και ισθι υγιης απο της μαστιγος σου
- 35 ¶ Jezi t'ap pale toujou lè kèk mesaje soti kay chèf sinagòg la vin di li: -Pitit fi ou la mouri. Ou pa bezwen deranje Mèt la plis pase sa.
And while he was still talking, they came from the ruler of the Synagogue's house, saying, Your daughter is dead: why are you still troubling the Master?
ετι αυτου λαλουντος ερχονται απο του αρχισυναγωγου λεγοντες οτι η θυγατηρ σου απεθανεν τι ετι σκυλλεις τον διδασκαλον
- 36 Men Jezi pa t' okipe sa yo t'ap di a. Li di chèf sinagòg la: -Pa pè. Sèlman met konfyans ou nan mwen.
But Jesus, giving no attention to their words, said to the ruler of the Synagogue, Have no fear, only have faith.
ο δε ιησους ευθεως ακουσας τον λογον λαλουμενον λεγει τω αρχισυναγωγω μη φοβου μονον πιστευε
- 37 Li pran Pyè, Jak ak Jan, frè Jak la, avèk li. Li pa t' pèmèt lòt moun swiv li.
And he did not let anyone come with him, but Peter and James and John, the brother of James.
και ουκ αφηκεν ουδενα αυτω συνακολουθησαι ει μη πετρον και ιακωβον και ιωαννην τον αδελφον ιακωβου
- 38 Lè yo rive kay chèf sinagòg la, Jezi wè yon bann moun ki t'ap fè gwo eskandal: genyen ki t'ap kriye; lòt menm t'ap plede rele.
And they came to the house of the ruler of the Synagogue; and he saw people running this way and that, and weeping and crying loudly.
και ερχεται εις τον οικον του αρχισυναγωγου και θεωρει θορυβον κλαιοντας και αλαλαζοντας πολλα
- 39 Li antre nan kay la, li di yo konsa: -Men pouki tout bri sa a? Pouki tout rèl sa yo? Ti fi a pa mouri. Se dòmi l'ap dòmi.
And when he had gone in, he said to them, Why are you making such a noise and weeping? The child is not dead, but sleeping.
και εισελθων λεγει αυτοις τι θορυβεισθε και κλαιετε το παιδιον ουκ απεθανεν αλλα καθευδει

- 40 Yo tonbe pase l' nan betiz. Lè sa a, li fè yo tout soti. Li pran papa ak manman pitit la ansanm ak twa disip li yo sèlman. Epi li antre nan chanm kote pitit la te ye a.
 And they were laughing at him. But he, having sent them all out, took the father of the child and her mother and those who were with him, and went in where the child was.
 και κατεγελων αυτου ο δε εκβαλων απαντας παραλαμβανει τον πατερα του παιδιου και την μητερα και τους μετ αυτου και εισπορευεται οπου ην το παιδιον ανακειμενον
- 41 Li pran men li, li di li: -Talita koum. -ki vle di: Ti fi, mwèn di ou leve.
 And taking her by the hand, he said to her, Talitha cumi, which is, My child, I say to you, Get up.
 και κρατησας της χειρος του παιδιου λεγει αυτη ταλιθα κουμι ο εστιν μεθερμηνηυομενον το κορασιον σοι λεγω εγειραι
- 42 Menm lè a, ti fi a leve, li pran mache, li te gen douzan. Se pa ti sezi moun yo te sezi lè yo wè sa.
 And the young girl got up straight away, and was walking about; she being twelve years old. And they were overcome with wonder.
 και ευθεως ανεστη το κορασιον και περιεπατει ην γαρ ετων δωδεκα και εξεστησαν εκστασει μεγαλη
- 43 Men, Jezi pase yo lòd sevè pou yo pa t' kite pesonn konn sa. Apre sa, li di yo: -Bay ti fi a manje.
 And he gave them special orders that they were not to say anything of this; and he said that some food was to be given to her.
 και διεστειλατο αυτοις πολλα ινα μηδεις γνω τουτο και ειπεν δοθηναι αυτη φαγειν
- 1 ¶ Jezi kite kote l' te ye a, li ale nan lavil kote l' te grandi a. Disip li yo te ale avè l' tou.
 And he went away from there, and came into his country; and his disciples went with him.
 και εξηλθεν εκειθεν και ηλθεν εις την πατριδα αυτου και ακολουθουσιν αυτω οι μαθηται αυτου
- 2 Lè jou repo a rive, li kòmanse moutre moun ki te nan sinagòg la anpil bagay. Foul moun ki t'ap koute l' yo te sezi anpil, yo t'ap di konsa: -Kote l' jwenn tout bagay sa yo? Kilès ki ba l' konesans sa yo?
 And when the Sabbath day had come, he was teaching in the Synagogue; and a number of people hearing him were surprised, saying, From where did this man get these things? and, What is the wisdom given to this man, and what are these works of power done by his hands?
 και γενομενου σαββατου ηρξατο εν τη συναγωγη διδασκειν και πολλοι ακουοντες εξεπλησσοντο λεγοντες ποθεν τουτω ταυτα και τις η σοφια η δοθεισα αυτω οτι και δυναμεις τοιανται δια των χειρων αυτου γινονται
- 3 Se pa ti bès chapant pitit Mari a? Se pa frè Jak, Jòz, Jid ak Simon an? Apa tout sè l' yo la avèk nou? Se sa ki fè li te tounen pou yo yon okazyon tonbe nan peche.
 Is not this the woodworker, the son of Mary, and brother of James and Josés and Judas and Simon? and are not his sisters here with us? And they were bitter against him.
 ουκ ουτος εστιν ο τεκτων ο υιος μαριας αδελφος δε ιακωβου και ιωση και ιουδα και σιμωνος και ουκ εισιν αι αδελφαι αυτου ωδε προς ημας και εσκανδαλιζοντο εν αυτω
- 4 Lè sa a, Jezi di yo: -Yon pwofèt jwenn respè toupatou, esepite nan peyi l', lakay li ak nan fanmi li.
 And Jesus said to them, A prophet is nowhere without honour, but in his country, and among his relations, and in his family.
 ελεγεν δε αυτοις ο ιησους οτι ουκ εστιν προφητης ατιμος ει μη εν τη πατριδι αυτου και εν τοις συγγενεσιν και εν τη οικια αυτου
- 5 Se konsa li pa t' kapab fè okenn mirak la, esepite pou de ou twa moun malad. Li te mete men sou tèt yo, li geri yo.
 And he was unable to do any work of power there, but only to put his hands on one or two persons who were ill, and make them well.
 και ουκ ηδυνατο εκει ουδεμιαν δυναμιον ποιησαι ει μη ολιγοις αρρωστοις επιθεις τας χειρας εθεραπευσεν
- 6 Jezi te sezi wè jan yo pa t' kwè nan li. Apre sa, Jezi te mache nan tout ti bouk nan vwazinaj la. Li t'ap moutre moun yo anpil bagay.
 And he was greatly surprised because they had no faith. And he went about the country places teaching.
 και εθαυμαζεν δια την απιστιαν αυτων και περιηγεν τας κομας κυκλω διδασκων
- 7 ¶ Lè sa a, Jezi rele douz disip li yo, li voye yo de pa de. Li ba yo pouvwa chase move lespri.
 And he gave orders to the twelve, and sent them out two by two; and he gave them authority over the unclean spirits;
 και προσκαλειται τους δωδεκα και ηρξατο αυτους αποστελλειν δυο δυο και εδιδου αυτοις εξουσιαν των πνευματων των ακαθαρτων
- 8 Li pase yo lòd sa a: -Pa pran anyen pou vwayaj la, esepite yon baton. Pa pote ni pen, ni sak. Pa mete lajan nan pòch nou.
 And he said that they were to take nothing for their journey, but a stick only; no bread, no bag, no money in their pockets;
 και παρηγγειλεν αυτοις ινα μηδεν αιρωσιν εις οδον ει μη ραβδον μονον μη πηραν μη αρτον μη εις την ζωνην χαλκων
- 9 Nou mèt mete sapat nan pye nou. Men, pa mete de rad sou nou.
 They were to go with common shoes on their feet, and not to take two coats.
 αλλ υποδεδεμενους σανδαλια και μη ενδυσησθε δυο χιτωνας

- 10 Epi li di yo ankò: -Lè nou rive nan yon lavil, rete nan yon sèl kay, kay kote y'a resevwa nou an, jouk nou pati.
And he said to them, Wherever you go into a house, make that your resting-place till you go away.
και ελεγεν αυτοις οπου εαν εισελθητε εις οικιαν εκει μενετε εως αν εξελθητε εκειθεν
- 11 Men, si nou rive yon kote nou wè pesonn pa vle resevwa nou, pesonn pa vle koute nou, ale fè wout nou. Souke pousyè pye nou. Konsa, yo p'ap ka di nou pa t' avèti yo.
And whatever place will not take you in and will not give ear to you, when you go away, put off the dust from your feet as a witness against them.
και οσοι αν μη δεξωνται υμας μηδε ακουσωσιν υμων εκπορευομενοι εκειθεν εκτιναξατε τον χουν τον υποκατω των ποδων υμων εις μαρτυριον αυτοις αμην λεγω υμιν ανεκτοτερον εσται σοδομοις η γ ομορροις εν ημερα κρισεως η τη πολει εκεινη
- 12 Douz disip yo pati; y' al mache bay nouvèl la pou tout moun tounen vin jwenn Bondye.
And they went out, preaching the need for a change of heart in men.
και εξελθοντες εκηρυσσον ινα μετανοησωσιν
- 13 Yo te chase anpil move lespri. Yo te pase lwil sou anpil moun malad, yo te geri yo.
And they sent out a number of evil spirits, and put oil on a great number who were ill, and made them well.
και δαμονια πολλα εξεβαλλον και ηλειφον ελαιω πολλους αρρωστους και εθεραπευον
- 14 ¶ Wa Ewòd te tande pale sou Jezi, paske yo t'ap nonmen non l' toupatou. Gen moun ki t'ap di: -Se Jan Batis ki leve pami mò yo, se poutèt sa li kapab fè tout mirak sa yo.
And king Herod had news of him, because his name was on the lips of all; and he said, John the Baptist has come back from the dead, and for this reason these powers are working in him.
και ηκουσεν ο βασιλευς ηρωδης φανερον γαρ εγενετο το ονομα αυτου και ελεγεν οτι ιωαννης ο βαπτιζων εκ νεκρων ηγερθη και δια τουτο ενεργουσιν αι δυναμεις εν αυτω
- 15 Gen lòt ki t'ap di tou: -Se Eli. Epi gen lòt ankò ki t'ap di: -Se yon pwofèt tankou ansyen pwofèt yo.
But others said, It is Elijah. And others said, It is a prophet, even like one of the prophets.
αλλοι ελεγον οτι ηλιας εστιν αλλοι δε ελεγον οτι προφητης εστιν η ως εις των προφητων
- 16 Men, lè Ewòd tande sa, li di konsa: -Se Jan wi. Mwen te fè koupe tèt li. Men, li tounen vivan ankò.
But Herod, when he had news of it, said, John, whom I put to death, has come back from the dead.
ακουσας δε ο ηρωδης ειπεν οτι ον εγω απεκεφαλισα ιωαννην ουτος εστιν αυτος ηγερθη εκ νεκρων
- 17 Se Ewòd menm ki te voye arete Jan. Li te fè mete l' nan prizon poutèt Ewodyad. Ewòd te pran Ewodyad, madanm Filip, frè li, pou madanm li.
For Herod himself had sent men out to take John and put him in prison, because of Herodias, his brother Philip's wife, whom he had taken for himself.
αυτος γαρ ο ηρωδης αποστειλας εκρατησεν τον ιωαννην και εδησεν αυτον εν τη φυλακη δια ηρωδιαδα την γυναικα φιλιππου του αδελφου αυτου οτι αυτην εγαμησεν
- 18 Se konsa, Jan te di li: -Ou pa gen dwa pran madanm frè ou pou madanm ou.
For John said to Herod, It is wrong for you to have your brother's wife.
ελεγεν γαρ ο ιωαννης τω ηρωδη οτι ουκ εξεστιν σοι εχειν την γυναικα του αδελφου σου
- 19 Ewodyad te kenbe Jan nan kè. Li te vle fè yo touye li.
And Herodias was bitter against him, desiring to put him to death; but she was not able;
η δε ηρωδιας ενειχεν αυτω και ηθελεν αυτον αποκτειναι και ουκ ηδυνατο
- 20 Men, li pa t' kapab, paske Ewòd pou tèt pa l' te gen yon krentif pou Jan. Li te konnen Jan se yon nonm dwat ki t'ap viv pou Bondye. Se sak fè li te pwoteje li. Li te renmen tande l' pale tou, menm si apre sa kè l' te boulyèse.
For Herod was in fear of John, being conscious that he was an upright and holy man, and kept him safe. And hearing him, he was much troubled; and he gave ear to him gladly.
ο γαρ ηρωδης εφοβειτο τον ιωαννην ειδος αυτον ανδρα δικαιον και αγιον και συνετηρει αυτον και ακουσας αυτου πολλα εποιει και ηδεως αυτου ηκουεν
- 21 Jou Ewodyad t'ap tann lan vin rive. Se te jou fèt Ewòd. Jou sa a, Ewòd te fè yon fèt pou tout zotobre nan gouvènman l' lan, ansanm ak gwo chèf nan lame a ak lòt grannèg nan peyi Galile a.
And the chance came when Herod on his birthday gave a feast to his lords, and the high captains, and the chief men of Galilee;
και γενομενης ημερας ευκαιρου οτε ηρωδης τοις γενεσιοις αυτου δειπνον εποιει τοις μεγαιστασιν αυτου και τοις χιλιαρχοις και τοις πρωτοις της γαλιλαιας
- 22 Pitit fi Ewodyad la antre nan sal resepsyon an: li danse, li danse. Sa te fè Ewòd ak envite l' yo plezi anpil. Wa a di madmwazèl la konsa: -Mande m' nenpòt sa ou vle, m'ap ba ou li.
And when the daughter of Herodias herself came in and did a dance, Herod and those who were at table with him were pleased with her; and the king said to the girl, Make a request for anything and I will give it you.
και εισελθουσης της θυγατρος αυτης της ηρωδιαδος και ορχησαμενης και αρεσασης τω ηρωδη και τοις συνανακειμενοις ειπεν ο βασιλευς τω κορασιω αιτησον με ο εαν θελης και δωσω σοι

- 23 Ewòd sèman ba li, li di l' konsa: -Tou sa ou mande, m'ap ba ou li, te mèt mwaye nan peyi m'ap gouvènen an.
And he took an oath, saying to her, Whatever is your desire I will give it to you, even half of my kingdom.
και ωμοσεν αυτη οτι ο εαν με αιτησης δωσω σοι εως ημισους της βασιλειας μου
- 24 Madmwazèl la soti, li al di manman li: -Kisa m' ta mande? Manman an reponn li: -Mande tèt Jan Batis.
And she went out and said to her mother, What is my request to be? And she said, The head of John the Baptist.
η δε εξελθουσα ειπεν τη μητρι αυτης τι αιτησομαι η δε ειπεν την κεφαλην ιωαννου του βαπτιστου
- 25 Jenn fi a prese tounen kote wa a, li fè l' demann sa a: -Mwen ta vle pou ou ban mwen tèt Jan Batis koulye a, nan yon plato.
And she came in quickly to the king, and said, My desire is that you give me straight away on a plate the head of John the Baptist.
και εισελθουσα ευθεως μετα σπουδης προς τον βασιλευα ητησατο λεγουσα θελω ινα μοι δωσ εξ αυτης επι πινακι την κεφαλην ιωαννου του βαπτιστου
- 26 Kè wa a kase. Men, li pa t' kapab di li non ankò, akòz gwo sèman li te fin fè devan tout envite yo.
And the king was very sad; but because of his oaths, and those who were with him at table, he would not say 'No' to her.
John said to him, Master, we saw one driving out evil spirits in your name: and we said that he might not, because he is not one of us.
 απεκριθη δε αυτο ο ιωαννης λεγων διδασκαλε ειδομεν τινα τω ονοματι σου εκβαλλοντα δαιμονια ος ουκ ακολουθει ημιν και εκωλυσαμεν αυτον οτι ουκ ακολουθει ημιν

- 39 Jezi reponn li: -Kite l' non. Paske yon moun ki pran non m' pou fè mirak pa kapab pale m' mal apre sa.
But Jesus said, Say not so: for there is no man who will do a great work in my name, and be able at the same time to say evil of me.
ο δε ιησους ειπεν μη κωλυετε αυτον ουδεις γαρ εστιν ος ποιησει δυναμιν επι τω ονοματι μου και δυνησεται ταχυ κακολογησαι με
- 40 Moun ki pa kont nou, se moun pa nou li ye.
He who is not against us is for us.
ος γαρ ουκ εστιν καθ υμων υπερ υμων εστιν
- 41 ¶ Sa m'ap di la a, se vre wi: nenpòt moun ki va ban nou yon gode dlo paske se moun Kris la nou ye, li pa gen dwa pèdi rekonpans li.
Whoever gives you a cup of water, because you are Christ's, truly I say to you, he will in no way be without his reward.
ος γαρ αν ποτιση υμας ποτηριον υδατος εν τω ονοματι μου οτι χριστου εστε αμην λεγω υμιν ου μη απολεση τον μισθον αυτου
- 42 Kanta moun ki fè yonn nan timoun sa yo ki kwè nan mwen tonbe nan peche, li ta pi bon pou li si yo te mare yon gwo wòl moulen nan kou l', voye li jete nan lanmè.
And whoever is a cause of trouble to one of these little ones who have faith in me, it would be better for him if a great stone was put round his neck and he was dropped into the sea.
και ος αν σκανδαλιση ενα των μικρων των πιστευοντων εις εμε καλον εστιν αυτω μαλλον ει περικειται λιθος μυλικος περι τον τραχηλον αυτου και βεβληται εις την θαλασσαν
- 43 Si se men ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l', voye l' jete. Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl men, pase pou ou rete ak tou de men ou, apre sa pou ou al nan lanfè, kote dife a pa janm mouri.
And if your hand is a cause of trouble to you, let it be cut off; it is better for you to go into life with one hand than to have two hands and go into hell, into the eternal fire.
και εαν σκανδαλιζη σε η χειρ σου αποκοψον αυτην καλον σοι εστιν κυλλον εις την ζωην εισελθειν η τας δυο χειρας εχοντα απελθειν εις την γεενναν εις το πυρ το ασβεστον
- 44 Nan lanfè, dife sa a ansanm ak vè k'ap manje kadav yo pa janm mouri.
[]
οπου ο σκοληξ αυτων ου τελευτα και το πυρ ου σβεννυται
- 45 Si se pye ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l', voye li jete. Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl pye, pase pou ou rete ak de pye ou, apre sa pou yo jete ou nan lanfè.
And if your foot is a cause of trouble to you, let it be cut off: it is better for you to go into life with one foot than to have two feet and go into hell.
και εαν ο πους σου σκανδαλιζη σε αποκοψον αυτον καλον εστιν σοι εισελθειν εις την ζωην χωλον η τους δυο ποδας εχοντα βληθηναι εις την γεενναν εις το πυρ το ασβεστον
- 46 Nan lanfè, dife sa a ansanm ak vè k'ap manje kadav yo pa janm mouri.
[]
οπου ο σκοληξ αυτων ου τελευτα και το πυρ ου σβεννυται
- 47 Si se je ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, rache l' voye l' jete. Pito ou antre nan Peyi kote Bondye Wa a ak yon sèl je, pase pou ou rete ak tou de je ou, apre sa pou yo jete ou nan lanfè.
And if your eye is a cause of trouble to you, take it out: it is better for you to go into the kingdom of God with one eye than, having two eyes, to go into hell,
και εαν ο οφθαλμος σου σκανδαλιζη σε εκβαλε αυτον καλον σοι εστιν μονοφθαλμον εισελθειν εις την βασιλειαν του θεου η δυο οφθαλμους εχοντα βληθηναι εις την γεενναν του πυρος
- 48 La, dife a ansanm ak vè k'ap manje kadav yo pa janm mouri.
Where their worm is ever living and the fire is not put out.
οπου ο σκοληξ αυτων ου τελευτα και το πυρ ου σβεννυται
- 49 Paske, tout moun ap sale ak dife.
Everyone will be salted with fire.
πας γαρ πυρι αλισθησεται και πασα θυσηα αλι αλισθησεται
- 50 Sèl, se yon bon bagay. Men, si sèl la pèdi gou l', ak kisa poun sale l' ankò? Mete sèl nan kè nou, epi viv byen yonn ak lòt.
Salt is good; but if the taste goes from it, how will you make it salt again? Have salt in yourselves, and be at peace one with another.
καλον το αλας εαν δε το αλας αναλον γενηται εν τινι αυτο αρτυσετε εχετε εν εαυτοις αλας και ειρηνευετε εν αλληλοις
- 1 ¶ Jezi kite kote l' te ye a; li ale nan rejyon Jide ki lòt bò larivyè Jouden an. La ankò, foul moun yo te sanble bò kote l'; li t'ap moutre yo anpil bagay, jan l' te toujou konn fè a.
And he got up, and went into the country of Judaea on the other side of Jordan: and great numbers of people came together to him again; and, as was his way, he gave them teaching.
κακειθεν αναστας ερχεται εις τα ορια της ιουδαιας δια του περαν του ιορδανου και συμπορευονται παλιν οχλοι προς αυτον και ως ειωθει παλιν εδιδασκεν αυτους
- 2 Kèk farizyen pwoche bò kote l' pou yo wè si yo te kapab pran l' nan pèlen. Yo mande li: -Eske lalwa nou pèmèt yon nonm kite ak madanm li?
And Pharisees came to him, testing him with the question, Is it right for a man to put away his wife?
και προσελθοντες οι φαρισαιοι επηρωτησαν αυτον ει εξεστιν ανδρι γυναικα απολυσαι πειραζοντες αυτον

- 3 Li reponn yo: -Kisa Moyiz te ban nou lòd fè?
And he said to them in answer, What did Moses say you were to do?
ο δε αποκριθεις ειπεν αυτοις τι υμιν ενετειλατο μωσης
- 4 Yo di l': -Moyiz te pèmèt pou yon nonm ekri madanm li yon papye divòs anvan pou l' kite avèk li.
And they said to him, Moses let us give her a statement in writing, and be free from her.
οι δε ειπον μωσης επετρεψεν βιβλιον αποστασιου γραφαι και απολυσαι
- 5 Lè sa a, Jezi di yo: -Moyiz te ekri kòmandman sa a pou nou paske nou gen tèt di.
But Jesus said to them, Because of your hard hearts he gave you this law.
και αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτοις προς την σκληροκαρδιαν υμων εγραψεν υμιν την εντολην ταυτην
- 6 Men, nan konmansman, lè Bondye t'ap kreye tout bagay, Bondye te fè gason ak fi.
But from the first, male and female made he them.
απο δε αρχης κτισεως αρσεν και θηλυ εποιησεν αυτους ο θεος
- 7 Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l', pou l' mete tèt ansanm ak madanm li.
For this cause will a man go away from his father and mother, and be joined to his wife;
ενεκεν τουτου καταλειπει ανθρωπος τον πατερα αυτου και την μητερα και προσκολληθησεται προς την γυναικα αυτου
- 8 Tou de va fè yon sèl kò. Konsa, yo p'ap de ankò, men yo fè yon sèl.
And the two will become one flesh; so that they are no longer two, but one flesh.
και εσονται οι δυο εις σαρκα μιαν ωστε ουκετι εισιν δυο αλλα μια σαρξ
- 9 Se poutèt sa pesonn pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm.
Let not that which has been joined together by God be parted by man.
ο ουν ο θεος συνεζευξεν ανθρωπος μη χωριζετω
- 10 Lè yo antre nan kay la, disip yo poze l' keksyon ankò sou bagay sa a.
And in the house the disciples put questions to him again about this thing.
και εν τη οικια παλιν οι μαθηται αυτου περι του αυτου επηρωτησαν αυτον
- 11 Li di yo konsa: -Si yon nonm kite ak madanm li pou li al marye ak yon lòt, li fè adiltè sou madanm li.
And he said to them, Whoever puts away his wife and takes another, is false to his wife;
και λεγει αυτοις ος εαν απολυση την γυναικα αυτου και γαμηση αλλην μοιχαται επ αυτην
- 12 Menm jan an tou, si yon fanm kite ak mari l' pou li al marye ak yon lòt, fanm lan fè adiltè.
And if she herself puts away her husband and takes another, she is false to her husband.
και εαν γυνη απολυση τον ανδρα αυτης και γαμηθη αλλω μοιχαται
- 13 ¶ Yo te mennen kèk timoun bay Jezi pou l' te mete men sou tèt yo. Men disip yo t'ap di moun yo pa fè sa.
And they took to him little children, so that he might put his hands on them: and the disciples said sharp words to them.
και προσεφερον αυτω παιδια ινα αφηται αυτων οι δε μαθηται επετιμων τοις προσφερουσιν
- 14 Lè Jezi wè sa, li pa t' kontan menm. Li di disip yo: -Kite timoun yo vin jwenn mwenn non. Pa anpeche yo vini, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo.
And when Jesus saw it, he was angry, and said to them, Let the little children come to me, and do not keep them away; for of such is the kingdom of God.
ιδων δε ο ιησους ηγανακτησεν και ειπεν αυτοις αφετε τα παιδια ερχεσθαι προς με και μη κωλυετε αυτα των γαρ τοιουτων εστιν η βασιλεια του θεου
- 15 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p'ap janm ka mete pye l' nan Peyi kote Bondye Wa a.
Truly I say to you, Whoever does not put himself under the kingdom of God like a little child, will not come into it at all.
αμην λεγω υμιν ος εαν μη δεξηται την βασιλειαν του θεου ως παιδιον ου μη εισελθη εις αυτην
- 16 Apre sa, li pran timoun yo nan bra l', li mete men l' sou tèt yo chak, li beni yo.
And he took them in his arms, and gave them a blessing, putting his hands on them.
και εναγκαλισαμενος αυτα τιθεις τας χειρας επ αυτα ηυλογει αυτα

- 17 ¶ Antan Jezi t'ap soti pou li al fè wout li, yon nonm kouri vini. Li lage kò l' ajenou devan Jezi, li mande li: -Bon Mèt, kisa pou m' fè pou m' resevwa lavi ki p'ap janm fini an?
And while he was going out into the way, a man came running to him, and went down on his knees, saying, Good Master, what have I to do so that I may have eternal life?
και εκπορευομενου αυτου εις οδον προσδραμων εις και γονυπετησας αυτον επηρωτα αυτον διδασκαλε αγαθε τι ποιησω ινα ζωην αιωνιον κληρονομησω
- 18 Jezi di li: -Poukisa ou rele m' bon? Se yon sèl bon ki genyen, se Bondye.
And Jesus said to him, Why do you say I am good? no one is good but one, and that is God.
ο δε ιησους ειπεν αυτω τι με λεγεις αγαθον ουδεις αγαθος ει μη εις ο θεος
- 19 Ou konn kòmandman yo: Piga ou touye moun; piga ou fè adiltè; piga ou vòlè; piga ou fè manti sou moun; piga ou twonpe moun; respekte papa ou ak manman ou.
You have knowledge of what is said in the law, Do not put any one to death, Do not be untrue in married life, Do not take what is not yours, Do not give false witness, Do not get money by deceit, Give honour to your father and mother.
τας εντολας οιδας μη μοιχευσης μη φονευσης μη κλεψης μη ψευδομαρτυρησης μη αποστερησης τιμα τον πατερα σου και την μητερα
- 20 Li reponn Jezi: -Mèt, mwen swiv tout bagay sa yo depi m' te ti katkat.
And he said to him, Master, all these laws I have kept from the time when I was young.
ο δε αποκριθεις ειπεν αυτω διδασκαλε ταυτα παντα εφυλαξαμην εκ νεοτητος μου
- 21 Jezi gade nonm lan, li renmen l', epi l' di li: -Yon sèl bagay ou manke: Ale vann tou sa ou genyen, separe lajan an bay pòv. Apre sa, wa gen yon richès nan syèl la. Epi vin swiv mwen.
And Jesus, looking on him and loving him, said, There is one thing needed: go, get money for your goods, and give it to the poor, and you will have wealth in heaven: and come with me.
ο δε ιησους εμβλεψας αυτω ηγαπησεν αυτον και ειπεν αυτω εν σοι υστερει υπαγε οσα εχεις πωλησον καιδος τοις πτωχοις και εξεις θησαυρον εν ουρανω και δευρο ακολουθει μοι αραις τον σταυρον
- 22 Men pawòl sa a te fè nonm lan lapenn anpil. Li vin kagou, li vire do l', li ale, paske li te gen anpil byen.
But his face became sad at the saying, and he went away sorrowing: for he was one who had much property.
ο δε στυγνασας επι τω λογω απηλθεν λυπουμενος ην γαρ εχων κτηματα πολλα
- 23 Apre sa, Jezi gade disip li yo ki te bò kote l' la, li di yo: -Sa ap difisil nèt pou moun rich antre nan Peyi kote Bondye Wa a.
And Jesus, looking round about, said to his disciples, How hard it is for those who have wealth to come into the kingdom of God!
και περιβλεψαμενος ο ιησους λεγει τοις μαθηταις αυτου πως δυσκολως οι τα χρηματα εχοντες εις την βασιλειαν του θεου εισελουσονται
- 24 Disip li yo te sezi anpil lè yo tande pawòl sa a. Men Jezi di yo konsa: -Mezanmi, sa ap difisil nèt pou moun antre nan peyi kote Bondye Wa a.
And the disciples were full of wonder at his words. But Jesus said to them again, Children, how hard it is for those who put faith in wealth to come into the kingdom of God!
οι δε μαθηται εθαμβουντο επι τοις λογοις αυτου ο δε ιησους παλιν αποκριθεις λεγει αυτοις τεκνα πως δυσκολον εστιν τους πεποιθοτας επι τοις χρημασιν εις την βασιλειαν του θεου εισελθειν
- 25 L'ap pi fasil pou gwo bèt yo rele chamo a pase nan je yon zegwi pase pou yon moun rich antre nan peyi kote Bondye Wa a.
It is simpler for a camel to go through a needle's eye, than for a man of wealth to come into the kingdom of God.
ευκοπωτερον εστιν καμηλον δια της τρυμαλιας της ραφιδος εισελθειν η πλουσιον εις την βασιλειαν του θεου εισελθειν
- 26 Disip yo te pi sezi toujou, yonn t'ap di lòt: -Nan kondisyon sa a, ki moun ki ka sove?
And they were greatly surprised, saying to him, Who then may have salvation?
οι δε περισσως εξεπλησσαντο λεγοντες προς εαυτους και τις δυναται σωθηναι
- 27 Jezi gade yo nan je, li di yo konsa: -Moun pa ka fè sa, men Bondye ka fè l', paske pa gen anyen Bondye pa ka fè.
Jesus, looking on them, said, With men it is impossible, but not with God: for all things are possible with God.
εμβλεψας δε αυτοις ο ιησους λεγει παρα ανθρωποις αδυνατον αλλ ου παρα τω θεω παντα γαρ δυνατα εστιν παρα τω θεω
- 28 Lè sa a, Pyè di li: -Men koute non, nou kite tout bagay pou nou swiv ou.
Peter said to him, See, we have given up everything, and come after you.
και ηρξατο ο πετρος λεγειν αυτω ιδου ημεις αφηκαμεν παντα και ηκολουθησαμεν σοι
- 29 Jezi reponn li: -Sa m'ap di nou la a, se vre wi: nenpòt moun ki kite kay li, osinon frè l', osinon manman l', osinon papa l', osinon pitit li, osinon jaden l', pou sèvis mwen ak pou sèvis bon nouvèl la, Jesus said, Truly I say to you, There is no man who has given up house, or brothers, or sisters, or mother, or father, or children, or land, because of me and the good news, αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν αμην λεγω υμιν ουδεις εστιν ος αφηκεν οικιαν η αδελφους η αδελφας η πατερα η μητερα η γυναικα η τεκνα η αγρους ενεκεν εμου και του ευαγγελιου

- 30 moun sa a gen pou l' resevwa, depi koulye a, nan tan sa a, san (100) fwa plis pou sa l' te kite a: kay, frè, sè, manman, pitit, jaden ansanm avèk tout kalite pèsekisyon; epi nan tan k'ap vini apre sa a, li gen pou l' resevwa lavi ki p'ap janm fini an.
Who will not get a hundred times as much now in this time, houses, and brothers, and sisters, and mothers, and children, and land--though with great troubles; and, in the world to come, eternal life.
εαν μη λαβη εκατονταπλασιονα νυν εν τω καιρω τουτω οικιας και αδελφους και αδελφας και μητερας και τεκνα και αγρους μετα διωγων και εν τω αιωνι τω ερχομενω ζωνν αιωνιον
- 31 Men, anpil nan moun ki devan yo va rete dèyè, anpil nan moun ki dèyè yo va pran devan.
But a great number who are first will be last: and those who are last will be first.
πολλοι δε εσονται πρωτοι εσχατοι και οι εσχατοι πρωτοι
- 32 ¶ Lè sa a, yo te pran chemen moute lavil Jerizalèm, Jezi t'ap mache devan yo. Yon sèl kè sere pran disip yo. Tout moun ki t'ap swiv yo te pè tou. Jezi pran douz disip yo apa ankò, li kòmanse di yo sa ki te gen pou rive li.
And they were on the way, going up to Jerusalem; and Jesus was going before them; and they were full of wonder; but those who came after him were in fear. And again he took the twelve, and gave them word of the things which were to come on him,
ησαν δε εν τη οδω αναβαινοντες εις ιεροσολυμα και ην προαγων αυτους ο ιησους και εθαμβουντο και ακολουθουντες εφοβουντο και παραλαβον παλιν τους δωδεκα ηρξατο αυτοις λεγειν τα μελλοντα αυτω συμβαινειν
- 33 Li di yo: -Tande! Men n'ap moute lavil Jerizalèm, kote yo pral lage m', mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, nan men chèf prèt yo ak nan men dirèktè lalwa yo. Yo pral kondannan m' amò, y'ap lage m' bay moun lòt nasyon yo.
Saying, See, we go up to Jerusalem; and the Son of man will be given up to the chief priests and the scribes; and they will give an order for his death, and will give him up to the Gentiles:
οτι ιδου αναβαινομεν εις ιεροσολυμα και ο υιος του ανθρωπου παραδοθησεται τοις αρχιερευσιν και τοις γραμματευσιν και κατακρινουσιν αυτον θανατω και παραδουσιν αυτον τοις εθνεσιν
- 34 Moun lòt nasyon sa yo va pase m' nan rizib byen pase, y'a krache sou mwen, y'a bat mwen ak kout fwèt, apre sa y'a touye mwen. Men sou twa jou, m'a leve soti vivan nan lanmò.
And they will make sport of him, and put shame on him, and give him cruel blows, and will put him to death; and after three days he will come back from the dead.
και εμπαιξουσιν αυτω και μαστιγωσουσιν αυτον και εμπτυσουσιν αυτω και αποκτεουσιν αυτον και τη τριτη ημερα αναστησεται
- 35 Apre sa, de pitit Zebede yo, Jak ak Jan, pwoche bò kot Jezi, yo di l' konsa: -Mèt, nou ta renmen ou fè sa nou pral mande ou la a pou nou.
And there came to him James and John, the sons of Zebedee, saying to him, Master, will you give us whatever may be our request?
και προσπορευονται αυτω ιακωβος και ιωαννης οι υιοι ζεβεδαιου λεγοντες διδασκαλε θελομεν ινα ο εαν αιτησωμεν ποιησης ημιν
- 36 Li di yo: -Kisa nou ta vle m' fè pou nou?
And he said to them, What would you have me do for you?
ο δε ειπεν αυτοις τι θελετε ποιησαι με υμιν
- 37 Yo di li: -Fè nou chita yonn sou bò dwat ou, lòt la sou bò gòch ou, lè wa nan tout bèl pouvwa ou.
And they said to him, Let us be seated, one at your right hand and one at your left, in your glory.
οι δε ειπον αυτω δοξ ημιν ινα εις εκ δεξιων σου και εις εξ ευωνυμων σου καθισωμεν εν τη δοξη σου
- 38 Jezi reponn yo: -Nou pa konnen sa n'ap mande la a. Eske nou ka bwè nan menm gode mwen pral bwè a? Eske nou ka resevwa menm batèm mwen pral resevwa a?
But Jesus said to them, You have no knowledge of what you are saying. Are you able to take of my cup? or to undergo the baptism which I am to undergo?
ο δε ιησους ειπεν αυτοις ουκ οιδατε τι αιτεισθε δυνασθε πειν το ποτηριον ο εγω πινω και το βαπτισμα ο εγω βαπτιζομαι βαπτισθηναι
- 39 Yo di li: -Nou kapab. Jezi reponn yo: -Se vre. n'a bwè nan menm gode mwen pral bwè a, epi n'a resevwa menm batèm mwen pral resevwa a.
And they said to him, We are able. And Jesus said to them, You will take of the cup from which I take; and the baptism which I am about to undergo you will undergo:
οι δε ειπον αυτω δυναμεθα ο δε ιησους ειπεν αυτοις το μεν ποτηριον ο εγω πινω πιεσθε και το βαπτισμα ο εγω βαπτιζομαι βαπτισθησεσθε
- 40 Men, kanta pou chita sou bò dwat osinon sou bò gòch mwen an, se pa mwen ki bay sa. Plas sa yo, Bondye rezève yo pou moun li vle.
But to be seated at my right hand or at my left is not for me to give: but it is for those for whom it has been made ready.
το δε καθισαι εκ δεξιων μου και εξ ευωνυμων μου ουκ εστιν εμον δουναι αλλ οις ητοιμασται
- 41 Lè dis lòt disip yo tande sa, yo pa t' manke fache sou Jak ak Jan.
And hearing this, the ten became very angry with James and John.
και ακουσαντες οι δεκα ηρξαντο αγανακτειν περι ιακωβου και ιωαννου
- 42 Jezi rele yo, li di yo konsa: -Nou konnen ki jan moun ki pase pou chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav; grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa.
And Jesus made them come to him, and said to them, You see that those who are made rulers over the Gentiles are lords over them, and their great ones have authority over them.
ο δε ιησους προσκαλεσαμενος αυτους λεγει αυτοις οιδατε οτι οι δοκουντες αρχειν των εθνων κατακυριευουσιν αυτων και οι μεγαλοι αυτων κατεξουσιαζουσιν αυτων

- 43 Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si yonn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout.
But it is not so among you: but whoever has a desire to become great among you, let him be your servant:
ουχ ουτως δε εσται εν υμιν αλλ ος εαν θελη γενεσθαι μεγας εν υμιν εσται διακονος υμων
- 44 Si yonn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout.
And whoever has a desire to be first among you, let him be servant of all.
και ος αν θελη υμων γενεσθαι πρωτος εσται παντων δουλος
- 45 Paske, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun.
For truly the Son of man did not come to have servants, but to be a servant, and to give his life for the salvation of men.
και γαρ ο υιος του ανθρωπου ουκ ηλθεν διακονηθηναι αλλα διακονησαι και δουναι την ψυχην αυτου λυτρον αντι πολλων
- 46 ¶ Yo te rive lavil Jeriko. Lè sa a, Jezi t'ap soti kite bouk la ansanm avèk disip li yo ak yon gwo foul moun. Te gen yon nonm avèg chita bò chemen an ki t'ap mande charite. Yo te rele l' Batime, pitit Time.
And they came to Jericho: and when he was going out of Jericho, with his disciples and a great number of people, the son of Timaeus, Bartimaeus, a blind man, was seated by the wayside, with his hand out for money.
και ερχονται εις ιεριχω και εκπορευομενου αυτου απο ιεριχω και των μαθητων αυτου και οχλου ικανου υιος τιμαιου βαρτιμαιος ο τυφλος εκαθητο παρα την οδον προσαιτων
- 47 Lè li tande se Jezi, moun Nazarèt la, ki t'ap pase, li pran rele: -Jezi, pitit David la, gen pitye pou mwen.
And when it came to his ears that it was Jesus of Nazareth, he gave a cry, and said, Jesus, Son of David, have mercy on me.
και ακουσας οτι ιησους ο ναζωραιος εστιν ηρξατο κραζειν και λεγειν ο υιος δαβιδ ιησου ελεησον με
- 48 Anpil moun t'ap kouri dèyè l' pou te fè l' pe bouch li, men li t'ap rele pi rèd: -Pitit David la, gen pitye pou mwen.
And some of them, turning in protest, gave him an order to be quiet: but he went on crying out all the more, Son of David, have mercy on me.
και επετιμων αυτω πολλοι ινα σιωπηση ο δε πολλω μαλλον εκραζειν υιε δαβιδ ελεησον με
- 49 Jezi kanpe, li di konsa: -Rele l' pou mwen. Yo rele avèg la, yo di li: -Pran kouray, leve, men li ap rele ou.
And Jesus came to a stop and said, Let him come. And crying out to the blind man, they said to him, Be comforted: come, he has sent for you.
και στας ο ιησους ειπεν αυτον φωνηθηναι και φωνουσιν τον τυφλον λεγοντες αυτω θαρσει χειραι φωνει σε
- 50 Avèg la voye rad li jete, se vole li t'ap vole pou l' te vin bò kot Jezi.
And he, putting off his coat, got up quickly, and came to Jesus.
ο δε αποβαλων το ιματιον αυτου αναστας ηλθεν προς τον ιησουν
- 51 Jezi mande li: -Kisa ou vle m' fè pou ou? Avèg la reponn li: -Mèt, fè m' wè ankò.
And Jesus said to him, What would you have me do to you? And the blind man said, Master, make me able to see.
και αποκριθεις λεγει αυτω ο ιησους τι θελεις ποιησω σοι ο δε τυφλος ειπεν αυτω ραββوني ινα αναβλεπω
- 52 Jezi di li: -Ale non, se konfyans ou nan Bondye ki geri ou. Menm lè a, avèg la wè, epi li swiv Jezi nan chemen an.
And Jesus said to him, Go on your way; your faith has made you well. And straight away he was able to see, and went after him in the way.
ο δε ιησους ειπεν αυτω υπαγε η πιστις σου σεσωκεν σε και ευθεως ανεβλεψεν και ηκολουθει τω ιησου εν τη οδω
- 1 ¶ Yo t'ap pwoche bò Jerizalèm, bò bouk Betfaje ak Betani, yo te rive sou mòn Oliv l'a. Lè sa a, Jezi voye de nan disip li yo.
And when they came near to Jerusalem, to Beth-phage and Bethany, at the Mountain of Olives, he sent two of his disciples,
και οτε εγγιζουσιν εις ιερουσαλημ εις βηθφαγη και βηθανιαν προς το ορος των ελαιων αποστελλει δυο των μαθητων αυτου
- 2 Li di yo: -Ale nan bouk ki devan nou an. Lè n'a rive, n'a jwenn yon jenn ti bourik mare. Pesonn poko janm moute sou li. Lage l', mennen l' ban mwen.
And said to them, Go into the little town opposite: and when you come to it, you will see a young ass with a cord round his neck, on which no man has ever been seated; let him loose, and come back with him.
και λεγει αυτοις υπαγετε εις την κομην την κατεναντι υμων και ευθεως εισπορευομενοι εις αυτην ευρησετε πωλον δεδεμενον εφ ον ουδεις ανθρωπων κεκαθηκεν λυσαντες αυτον αγαγετε
- 3 Nenpòt moun ki mande nou poukisa n'ap fè sa, nou mèt reponn: Se Mèt la ki bezwen li. L'ap voye ti bourik la tounen touswit.
And if anyone says to you, Why are you doing this? say, The Lord has need of him and will send him back straight away.
και εαν τις υμιν ειπη τι ποιειτε τουτο ειπατε οτι ο κυριος αυτου χρειαν εχει και ευθεως αυτον αποστελει ωδε

- 4 Lè disip yo ale, yo jwenn jenn ti bourik la mare deyò nan lari a, devan pòt yon kay. Yo lage li.
 And they went away and saw a young ass by the door outside in the open street; and they were getting him loose.
 απηλθον δε και ευρον τον πωλον δεδεμενον προς την θυραν εξω επι του αμφοδου και λυουσιν αυτον
- 5 Kèk moun ki te la di yo konsa: -Sa n'ap fè la a? Pouki n'ap lage ti bourik la?
 And some of those who were there said to them, What are you doing, taking the ass?
 και τινες των εκει εστηκοτων ελεγον αυτοις τι ποιειτε λυοντες τον πωλον
- 6 Disip yo reponn jan Jezi te di yo reponn lan. Epi moun yo kite yo ale.
 And they said to them the words which Jesus had said; and they let them go.
 οι δε ειπον αυτοις καθως ενετειλατο ο ιησους και αφηκαν αυτους
- 7 Yo mennen ti bourik la bay Jezi; yo mete rad sou do li, epi Jezi moute chita.
 And they took the young ass to Jesus, and put their clothing on him, and he got on his back.
 και ηγαγον τον πωλον προς τον ιησουν και επεβαλον αυτω τα ιματια αυτων και εκαθισεν επ αυτω
- 8 Anpil moun te tann rad yo atè sou tout chemen an. Gen lòt ki te koupe branch bwa nan jaden pou mete atè nan chemen an.
 And a great number put down their clothing in the way; and others put down branches which they had taken from the fields.
 πολλοι δε τα ιματια αυτων εστρωσαν εις την οδον αλλοι δε στοιβαδας εκοπτον εκ των δενδρων και εστρωννουσιν εις την οδον
- 9 Ni moun ki t'ap mache devan Jezi yo, ni moun ki t'ap mache dèyè l' yo, yo tout t'ap rele byen fò: -Lwanj pou Bondye! Benediksyon pou moun ki vini nan non Mèt la.
 And those who went in front, and those who came after, were crying, Glory: A blessing on him who comes in the name of the Lord:
 και οι προαγοντες και οι ακολουθουντες εκραζον λεγοντες ωσαννα ευλογημενος ο ερχομενος εν ονοματι κυριου
- 10 Wi, benediksyon pou gouvènman k'ap vini an, pou gouvènman wa David, papa nou. Lwanj pou Bondye jouk anwo nan syèl la!
 A blessing on the coming kingdom of our father David: Glory in the highest.
 ευλογημενη η ερχομενη βασιλεια εν ονοματι κυριου του πατρος ημων δαβιδ ωσαννα εν τοις υψιστοις
- 11 Jezi antre lavil Jerizalèm; li ale nan tanp lan. Li voye je l' sou tout bagay. Apre sa, li ale Betani avèk douz disip li yo paske li te fin ta.
 And he went into Jerusalem into the Temple; and after looking round about on all things, it being now evening, he went out to Bethany with the twelve.
 και εισηλθεν εις ιεροσολυμα ο ιησους και εις το ιερον και περιβλεψαμενος παντα οψιας ηδη ουσης της ωρας εξηλθεν εις βηθανιαν μετα των δωδεκα
- 12 ¶ Nan denmen, antan yo t'ap soti Betani, Jezi te grangou.
 And on the day after, when they had come out from Bethany, he was in need of food.
 και τη επαυριον εξελθοντων αυτων απο βηθανιας επεινασεν
- 13 Depi byen lwen, li wè yon pye fig frans ki te plen fèy. li al wè si li ta jwenn kèk fig frans sou li. Men, lè li rive kote l', se fèy ase li jwenn, paske se pa t' sezon fig frans.
 And seeing a fig-tree in the distance with leaves, he went to see if by chance it had anything on it: and when he came to it, he saw nothing but leaves, for it was not the time for the fruit.
 και ιδων συκην μακροθεν εχουσαν φυλλα ηλθεν εις αυτην και ελθων επ αυτην ουδεν ευρεν ει μη φυλλα ου γαρ ην καιρος συκων
- 14 Lè sa a, Jezi pale ak pye fig frans lan, li di li: -Pesonn p'ap janm manje fig ou donner ankò. Disip yo te tande sa l' te di a.
 And he said to it, Let no man take fruit from you for ever. And his disciples took note of his words.
 και αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτη μηκει ει σου εις τον αιωνα μηδεις καρπον φαγοι και ηκουσιν οι μαθηται αυτου
- 15 Apre sa, yo rive Jerizalèm, Jezi antre nan tanp lan. Li pran chase tout moun ki t'ap vann ak tout moun ki t'ap achte nan tanp lan. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo ansanm ak chèz moun ki t'ap vann piyon yo.
 And they came to Jerusalem; and he went into the Temple, and sent out those who were trading there, overturning the tables of the money-changers and the seats of those who were offering doves for money;
 και ερχονται εις ιεροσολυμα και εισελθων ο ιησους εις το ιερον ηρξατο εκβαλλειν τους πωλουντας και αγοραζοντας εν τω ιερω και τας τραπεζας των κολλυβιστων και τας καθεδρας των πωλουντων τας περιστερας κατεστρεψεν
- 16 Li pa t' pèmèt pesonn travèse tanp lan ak bagay nan men yo.
 And he would not let any man take a vessel through the Temple.
 και ουκ ηφιεν ινα τις διενεγκη σκευος δια του ιερου

- 17 Li t'ap moutre moun yo anpil bagay, li di yo: -Men sa ki ekri, pa vre: y'a rele kay mwen an kay kote moun tout nasyon ka vin lapriyè. Men nou menm, nou fè l' tounen yon kachèt pou vòlò.
And he gave them teaching, and said to them, Is it not in the Writings, My house is to be named a house of prayer for all the nations? but you have made it a hole of thieves.
και ειδασκεν λεγων αυτοις ου γεγραπται οτι ο οικος μου οικος προσευχης κληθησεται πασιν τοις εθνεσιν υμεις δε εποιησατε αυτον σπηλαιον ληστων
- 18 Lè chèf prèt yo avèk dirèktè lalwa yo tande sa, yo t'ap chache yon jan pou yo fè touye l'; paske yo te vin pè l', lèfini, pawòl li t'ap moutre moun yo te aji anpil sou foul moun yo.
And it came to the ears of the chief priests and scribes, and they took thought how they might put him to death; being in fear of him, because all the people were full of wonder at his teaching.
και ηκουσαν οι γραμματεις και οι αρχιερεις και εξητουν πως αυτον απολεσουσιν εφοβουντο γαρ αυτον οτι πας ο οχλος εξεπλησσετο επι τη διδαχη αυτου
- 19 Lè solèy fin kouche, Jezi soté kite lavil la ansanm ak disip li yo.
And every evening he went out of the town.
και οτε οψε εγενετο εξεπορευετο εξω της πολεως
- 20 Nan denmen maten, byen bonè, antan yo t'ap pase sou wout la, disip yo wè pye fig frans la cheche jouk nan rasen.
And when they were going by in the morning, they saw the fig-tree dead from the roots.
και πρωι παραπορευομενοι ειδον την συκην εξηραμμενην εκ ριζων
- 21 Pyè vin chonje sak te pase. Li di Jezi konsa: -Mèt, gade pye fig frans ou te madichonnen an. Li cheche wi.
And Peter, having a memory of it, said to him, Master, see, the tree which was cursed by you is dead.
και αναμνησθεις ο πετρος λεγει αυτω ραββι ιδε η συκη ην καταρασω εξηρανται
- 22 Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di yo: -Se pou nou toujou gen konfyans nan Bondye.
And Jesus, answering, said to them, Have God's faith.
και αποκριθεις ιησους λεγει αυτοις εχετε πιστιν θεου
- 23 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si yon moun di mòn sa a: Wete kò ou la, al jete ou nan lanmè, si l' pa gen doutans nan kè l' menm, si l' gen fèm konviksyon sa l' di a gen pou rive, la wè l' rive vre.
Truly I say to you, Whoever says to this mountain, Be taken up and be put into the sea; and has no doubt in his heart, but has faith that what he says will come about, he will have his desire.
αμην γαρ λεγω υμιν οτι ος αν ειπη τω ορει τουτω αρθητι και βληθητι εις την θαλασσαν και μη διακριθη εν τη καρδια αυτου αλλα πιστευση οτι α λεγει γινεται εσται αυτω ο εαν ειπη
- 24 Se pou sa mwen di nou: Tou sa n'ap mande lè n'ap lapriyè, si nou gen fèm konviksyon nou resewva l' deja, n'a wè sa rive vre.
For this reason I say to you, Whatever you make a request for in prayer, have faith that it has been given to you, and you will have it.
δια τουτο λεγω υμιν παντα οσα αν προσευχομενοι αιτησθε πιστευετε οτι λαμβανετε και εσται υμιν
- 25 Lè nou kanpe poun lapriyè, si nou gen yon moun nan kè nou, padonnen l', pou Papa nou ki nan syèl la ka padonnen peche nou yo tou.
And whenever you make a prayer, let there be forgiveness in your hearts, if you have anything against anyone; so that you may have forgiveness for your sins from your Father who is in heaven.
και οταν στηκητε προσευχομενοι αφιετε ει τι εχετε κατα τινος ινα και ο πατηρ υμων ο εν τοις ουρανοις αφη υμιν τα παραπτωματα υμων
- 26 Men, si nou pa padonnen lòt moun yo, Papa nou ki nan syèl la p'ap padonnen peche nou yo tou.
[]
ει δε υμεις ουκ αφιετε ουδε ο πατηρ υμων ο εν τοις ουρανοις αφησει τα παραπτωματα υμων
- 27 ¶ Se konsa, yo tounen lavil Jerizalèm ankò. Pandan Jezi t'ap pwonmennen nan tanp lan, chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo ak chèf fanmi yo te vin bò kote li.
And they came again to Jerusalem: and while he was walking in the Temple, there came to him the chief priests and the scribes and those in authority:
και ερχονται παλιν εις ιεροσολυμα και εν τω ιερω περιπατουντος αυτου ερχονται προς αυτον οι αρχιερεις και οι γραμματεις και οι πρεσβυτεροι
- 28 Yo di l' konsa: -Ki dwa ou genyen pou w'ap fè tout bagay sa yo? Kilès ki ba ou otorite pou fè yo?
And they said to him, By what authority do you do these things? or who gave you authority to do these things?
και λεγουσιν αυτω εν ποια εξουσια ταυτα ποιεις και τις σοι την εξουσιαν ταυτην εδωκεν ινα ταυτα ποιης
- 29 Jezi reponn yo: -Mwen pral poze nou yon sèl keksyon tou. Si nou reponn mwen, m'a di nou ak ki otorite m'ap fè bagay sa yo.
And Jesus said to them, I will put to you one question; give me an answer, and I will say by what authority I do these things.
ο δε ιησους αποκριθεις ειπεν αυτοις επρωτησω υμας καγω ενα λογον και αποκριθητε μοι και ερω υμιν εν ποια εξουσια ταυτα ποιω
- 30 Ki moun ki te voye Jan batize moun: Bondye osinon moun? Reponn mwen non.
The baptism of John, was it from heaven or from men? give me an answer.
το βαπτισμα ιωαννου εξ ουρανου ην η εξ ανθρωπων αποκριθητε μοι

- 31 Men, yonn t'ap di lòt konsa: -Si nou reponn: Se Bondye ki voye l', la mande nou poukisa nou pa t' kwè li.
And they gave thought to it among themselves, saying, If we say, From heaven; he will say, Why then did you not have faith in him?
 και ελογιζοντο προς εαυτους λεγοντες εαν ειπωμεν εξ ουρανου ερει διατι ουκ επιστευσατε αυτο
- 32 Si nou reponn: Se moun ki voye l'... oum! Yo te pè pèp la, paske tout moun sa yo te pran Jan Batis pou yon bon pwofèt.
But if we say, From men--they were in fear of the people, because all took John to be truly a prophet.
 αλλ εαν ειπωμεν εξ ανθρωπων εφοβουντο τον λαον απαντες γαρ ειχον τον ιωαννην οτι οντως προφητης ην
- 33 Lè sa a yo reponn Jezi: -Nou pa konnen. Jezi di yo: -Enben, mwen menm tou, mwen p'ap di nou avèk ki otorite mwen fè bagay sa yo.
And they said in answer to Jesus, We have no idea. And Jesus said to them, And I will not say to you by what authority I do these things.
 και αποκριθεντες λεγουσιν τω ιησου ουκ οιδαμεν και ο ιησους αποκριθεις λεγει αυτοις ουδε εγω λεγω υμιν εν ποια εξουσια ταυτα ποιω
- 1 ¶ Apre sa, Jezi pran rakonte yo yon parabòl. -Vwala, se yon nonm ki te plante yon jaden rezen. Li fèmen l' ak yon lantouraj, li fouye yon basen pou kraze rezen yo, li bati yon kay pou moun k'ap veye jaden an. Apre sa, li antann li avèk kèk moun ki pou okipe jaden an pou li. Li pati, li al nan vwayaj.
And he gave them teaching in the form of stories. A man had a vine-garden planted, and put a wall about it, and made a place for crushing out the wine, and put up a tower, and let it out to field-workers, and went into another country.
 και ηρξατο αυτοις εν παραβολαις λεγειν αμπελωνα εφυτευσεν ανθρωπος και περιεθηκεν φραγμαν και ωρυξεν υποληγιον και ωκοδομησεν πυργον και εξεδото αυτον γεωργοις και απεδημησεν
- 2 Lè sezon rekòt la rive, li voye yon domestik bò kote moun ki t'ap okipe jaden an pou li. Li te voye chache pòsyon pa l' nan rekòt rezen an nan men yo.
And when the time came, he sent a servant to get from the workmen some of the fruit of the garden.
 και απεστειλεν προς τους γεωργους τω καιρω δουλον ινα παρα των γεωργων λαβη απο του καρπου του αμπελωνος
- 3 Yo mete men sou domestik la, yo bat li byen bat, epi yo voye l' tounen bay mèt jaden an san yo pa ba l' anyen.
And they took him, and gave him blows, and sent him away with nothing.
 οι δε λαβοντες αυτον εδειραν και απεστειλαν κενον
- 4 Mèt jaden an voye yon lòt domestik bò kote yo ankò. Fwa sa a menm, yo bat li nan tèt ase, epi yo joure l' byen joure.
And again he sent to them another servant; and they gave him wounds on the head, and were very cruel to him.
 και παλιν απεστειλεν προς αυτους αλλον δουλον κακεινον λιθοβολησαντες εκεφαλαιωσαν και απεστειλαν ητιμωμενον
- 5 Mèt jaden an voye yon twazyèm domestik, yo touye sa a. Li voye anpil lòt ankò: gen sa yo bat, gen sa yo touye.
And he sent another; and they put him to death: and a number of others, whipping some, and putting some to death.
 και παλιν αλλον απεστειλεν κακεινον απεκτειναν και πολλους αλλους τους μεν δερωντες τους δε αποκτεινοντες
- 6 Sèl moun mèt jaden an te rete pou l' te voye, se pitit gason li te renmen anpil la. Li voye l' an dènye bò kote yo. Li t'ap di nan kè l': Omwens y'a gen respè pou gason m' lan.
He still had one, a dearly loved son: he sent him last to them, saying, They will have respect for my son.
 ετι ουν ενα υιον εχων αγαπητον αυτου απεστειλεν και αυτον προς αυτους εσχατον λεγων οτι εντραπησονται τον υιον μου
- 7 Men, kiltivatè yo yonn di lòt: Men eritye a. Ann mete tèt nou ansanm. Ann touye l', konsa jaden an va vin pou nou.
But those workmen said among themselves, This is he who will one day be the owner of the property; come, let us put him to death, and the heritage will be ours.
 εκεινοι δε οι γεωργοι ειπον προς εαυτους οτι ουτος εστιν ο κληρονομος δευτε αποκτεινωμεν αυτον και ημων εσται η κληρονομια
- 8 Yo mete men sou li, yo touye l', epi yo jete kò a deyò lòt bò jaden an.
And they took him and put him to death, pushing his body out of the garden.
 και λαβοντες αυτον απεκτειναν και εξεβαλον εξω του αμπελωνος
- 9 Bon! Kisa mèt jaden an gen pou l' fè ankò? La vini, la fè touye tout kiltivatè yo, epi la bay lòt moun jaden rezen an.
What then will the master of the garden do? He will come and put the workmen to death, and will give the garden into the hands of others.
 τι ουν ποιησει ο κυριος του αμπελωνος ελευσεται και απολεσει τους γεωργους και δωσει τον αμπελωνα αλλοις
- 10 Eske nou pa li pawòl ki ekri a? Mwen sèten nou li l' deja: Wòch moun ki t'ap bati yo te voye jete a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la.
Have you not seen this which is in the Writings: The stone which the builders put on one side, the same was made the chief stone of the building:
 ουδε την γραφην ταυτην ανεγνωτε λιθον ον απεδοκιμασαν οι οικοδομουντες ουτος εγενηθη εις κεφαλην γωνιας

- 11 Sa se travay Mèt la. Se bèl bagay pou nou wè sa.
This was the Lord's doing, and it is a wonder in our eyes?
παρα κυριου εγενετο αυτη και εστιν θαυμαστη εν οφθαλμοις ημων
- 12 Chèf jwif yo t'ap chache mete men sou li, paske yo te konnen byen se pou yo Jezi te di parabòl sa a. Men, yo te pè mas pèp la. Yo kite l', y' al fè wout yo.
And they made attempts to take him; but they were in fear of the people, because they saw that the story was against them; and they went away from him.
και εξητουν αυτον κρατησαι και εφοβηθησαν τον οχλον εγνωσαν γαρ οτι προς αυτους την παραβολην ειπεν και αφεντες αυτον απηλθον
- 13 ¶ Yo te voye kèk farizyen ansanm ak kèk nan patizan Ewòd yo bò kot Jezi pou wè si yo te ka pran yon pawòl nan bouch li pou akize li.
Then they sent to him certain of the Pharisees and the Herodians, so that they might make use of his words to take him by a trick.
και αποστειλλουσιν προς αυτον τινας των φαρισαιων και των ηρωδιανων ινα αυτον αγρευσωσιν λογω
- 14 Yo vin di l' konsa: -Mèt, nou konnen ou se moun ki kare, ou pa pè pesonn, paske ou pa gade sou figi moun. Men, ou moutre chemen Bondye a jan li ye a. Manyè di nou: èske lalwa pèmèt nou peye Seza lajan kontribisyon an? Eske nou dwe peye li? Wi ou non?
And when they had come, they said to him, Master, we are certain that you are true, and have no fear of anyone: you have no respect for a man's position, but you are teaching the true way of God: Is it right to give taxes to Caesar or not?
οι δε ελθοντες λεγουσιν αυτω διδασκαλε οιδαμεν οτι αληθης ει και ου μελει σοι περι ουδενος ου γαρ βλεπεις εις προσωπον ανθρωπων αλλ επ αληθειας την οδον του θεου διδασκεις εξεστιν κησον και σαρι δουναι η ου
- 15 Men Jezi te konnen yo gen lòt lide dèyè tèt yo; li reponn yo: -Pouki n'ap chache pran m' nan pèlen konsa? Pote yon pyès lajan ban mwen pou m' gade yon bagay.
Are we to give or not to give? But he, conscious of their false hearts, said to them, Why do you put me to the test? give me a penny, so that I may see it.
δωμεν η μη δωμεν ο δε ειδως αυτων την υποκρισιν ειπεν αυτοις τι με πειραζετε φερετε μοι δηναριον ινα ιδω
- 16 Yo pote yon pyès lajan ba li. Jezi mande yo: -Pòtre ki moun ak non ki moun ki sou pyès lajan an? Yo reponn li: -Se pòtre Seza ak non Seza.
And they gave him one. And he said to them, Whose is this image and name on it? And they said to him, Caesar's.
οι δε ηνεγκαν και λεγει αυτοις τινος η εικων αυτη και η επιγραφη οι δε ειπον αυτω καισαρος
- 17 Lè sa a, li di yo: -Bay Seza sa ki pou Seza, bay Bondye sa ki pou Bondye. Pawòl sa a te fè yo pi sezi ankò.
And Jesus said to them, Give to Caesar the things which are Caesar's, and to God the things which are God's. And they were full of wonder at him.
και αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτοις αποδοτε τα καισαρος καισαρι και τα του θεου τω θεω και εθαυμασαν επ αυτω
- 18 ¶ Sadiseyen yo se yon gwoup jwif ki di moun mouri pa leve. Yo vin bò kot Jezi ak yon keksyon. Yo di l' konsa:
And there came to him Sadducees, who say there is no coming back from the dead; and they put a question to him, saying,
και ερχονται σαδδουκαιοι προς αυτον οιτινες λεγουσιν αναστασιν μη ειναι και επηρωτησαν αυτον λεγοντες
- 19 -Mèt, Moyiz te ekri lòd sa a ban nou: Yon nonm ki gen frè, si l' mouri kite madanm li san pitit, frè a gen pou l' marye avèk madanm defen an pou li sa fè pitit pou frè l' ki mouri a.
Master, in the law Moses says, If a man's brother comes to his end, and has a wife still living and no child, it is right for his brother to take his wife, and get a family for his brother.
διδασκαλε μωσης εγραψεν ημιν οτι εαν τινος αδελφος αποθανη και καταλιπη γυναικα και τεκνα μη αφη ινα λαβη ο αδελφος αυτου την γυναικα αυτου και εξαναστηση σπερμα τω αδελφω αυτου
- 20 Se konsa, te gen sèt frè. Premye a marye, li mouri san l' pa kite pitit.
There were seven brothers: and the first took a wife, and at his death there were no offspring;
επτα αδελφοι ησαν και ο πρωτος ελαβεν γυναικα και αποθνησκων ουκ αφηκεν σπερμα
- 21 Dezyèm lan marye avèk vèn la. Li mouri tou san l' pa kite pitit. Menm bagay la rive twazyèm lan tou.
And the second took her, and at his death there were no offspring; and the third the same:
και ο δευτερος ελαβεν αυτην και απεθανεν και ουδε αυτος αφηκεν σπερμα και ο τριτος ωσαντως
- 22 Konsa konsa, tout sèt frè yo marye ak fanm lan epi yo yonn pa kite pitit. Apre yo tout fin mouri, li menm tou fanm lan mouri.
And all the seven had no seed. Last of all the woman herself came to her death.
και ελαβον αυτην οι επτα και ουκ αφηκαν σπερμα εσχατη παντων απεθανεν και η γυνη
- 23 Lè mò yo va gen pou yo leve, madanm kilès nan yo li pral ye la a, paske li te madanm tout sèt frè yo?
In the future life, when they come back from the dead, whose wife will she be? for the seven had her for a wife.
εν τη ουν αναστασει οταν αναστωσιν τινος αυτων εσται γυνη οι γαρ επτα εσχον αυτην γυναικα

- 24 Jezi reponn yo: -Nou nan lerè wi. M'ap di nou poukisa: Nou pa konprann sa ki ekri a, nou pa konnen pouwva Bondye.
Jesus said to them, Is not this the reason for your error, that you have no knowledge of the holy Writings or of the power of God?
και αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτοις ου δια τουτο πλανασθε μη ειδοτες τας γραφας μηδε την δυναμιν του θεου
- 25 Lè mò yo va gen pou yo leve, fanm ak gason pa nan marye ankò. Tout moun pral viv tankou zanj Bondye nan syèl la.
When they come back from the dead, they do not get married, but are like the angels in heaven.
οταν γαρ εκ νεκρων αναστωσιν ουτε γαμουσιν ουτε γαμισκονται αλλ εισιν ως αγγελοι οι εν τοις ουρανοις
- 26 Pou keksyon mò yo k'ap leve vivan ankò a, èske nou pa li nan Liv Moyiz la sa Bondye te di l' bò touf bwa a: Mwen se Bondye Abraram, Bondye Izarak, Bondye Jakòb?
But as to the dead coming back to life; have you not seen in the book of Moses, about the burning thorn-tree, how God said to him, I am the God of Abraham, and the God of Isaac, and the God of Jacob?
περι δε των νεκρων οτι εγειρονται ουκ ανεγνωτε εν τη βιβλω μουσεως επι της βατου ως ειπεν αυτο ο θεος λεγων εγω ο θεος αβρααμ και ο θεος ισαακ και ο θεος ιακωβ
- 27 Bondye se Bondye moun vivan li ye, li pa Bondye moun mouri. Nou wè nou nan lerè anpil, pa vre?
He is not the God of the dead, but of the living: you are greatly in error.
ουκ εστιν ο θεος νεκρων αλλα θεος ζωντων υμεις ουν πολυ πλανασθε
- 28 ¶ Yonn nan dirèktè lalwa yo te tande jan yo t'ap diskite. Li wè Jezi te byen reponn sadiseyen yo. Lè sa a, li pwoche bò kote l', li mande li: -Kilès nan tout kòmandman yo ki pi konsekan an?
And one of the scribes came, and hearing their argument together, and seeing that he had given them a good answer, put the question to him, Which law is the first of all?
και προσελθων εις των γραμματεων ακουσας αυτων συζητουτων ειδως οτι καλωσ αυτοις απεκριθη επηρωτησεν αυτον ποια εστιν πρωτη πασων εντολη
- 29 Jezi reponn li: -Men kòmandman ki pi konsekan an: Koute, nou menm pèp Izrayèl: Mèt la, Bondye nou, se li ki sèl Mèt la.
Jesus said in answer, The first is, Give ear, O Israel: The Lord our God is one Lord;
ο δε ιησους απεκριθη αυτο οτι πρωτη πασων των εντολων ακουε ισραηλ κυριος ο θεος ημων κυριος εις εστιν
- 30 Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, avèk tout lide ou, avèk tout fòs ou.
And you are to have love for the Lord your God with all your heart, and with all your soul, and with all your mind, and with all your strength.
και αγαπησεις κυριον τον θεον σου εξ ολης της καρδιας σου και εξ ολης της ψυχης σου και εξ ολης της διανοιας σου και εξ ολης της ισχυος σου αυτη πρωτη εντολη
- 31 Men dezyèm kòmandman an: Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. Pa gen lòt kòmandman ki pi konsekan pase sa yo.
The second is this, Have love for your neighbour as for yourself. There is no other law greater than these.
και δευτερα ομοια αυτη αγαπησεις τον πλησιον σου ως σεαυτον μειζων τουτων αλλη εντολη ουκ εστιν
- 32 Lè sa a, dirèktè lalwa a di li: -Se sa menm, Mèt. Sa ou di a se vre. Met nou an se sèl Bondye ki genyen. Pa gen lòt pase li.
And the scribe said to him, Truly, Master, you have well said that he is one, and there is no other but he:
και ειπεν αυτο ο γραμματευς καλωσ διδασκαλε επ αληθειας ειπας οτι εις εστιν θεος και ουκ εστιν αλλος πλην αυτου
- 33 Jan ou di a, se pou nou renmen l' ak tout kè nou, tout lespri nou, tout fòs nou, epi se pou nou renmen frè parèy nou tankou nou renmen pwòp tèt pa nou. Sa pi bon lontan pase tout ofrann n'ap boule pou Bondye ansanm ak tout lòt bèt n'ap ofri pou touye pou li.
And to have love for him with all the heart, and with all the mind, and with all the strength, and to have the same love for his neighbour as for himself, is much more than all forms of offerings.
και το αγαπαν αυτον εξ ολης της καρδιας και εξ ολης της συνεσεως και εξ ολης της ψυχης και εξ ολης της ισχυος και το αγαπαν τον πλησιον ως εαυτον πλειον εστιν παντων των ολοκαυτωματων και των θυσιων
- 34 Jezi wè nonm lan te fè l' yon repons moun ki gen konprann, lè sa a li di li: -Ou menm, ou pa lwen peyi kote Bondye Wa a non. Apre sa, pesonn pa t' gen odas poze l' keksyon ankò.
And when Jesus saw that he gave a wise answer, he said to him, You are not far from the kingdom of God. And every man after that was in fear of questioning him any more.
και ο ιησους ιδων αυτον οτι νουνεχωσ απεκριθη ειπεν αυτο ου μακραν ει απο της βασιλειας του θεου και ουδεις ουκετι ετολμα αυτον επερωτησαι
- 35 ¶ Pandan Jezi t'ap moutre moun yo anpil bagay nan tanp lan, li di yo: -Ki jan dirèktè lalwa yo fè di Kris la se pitit pitit David li ye?
And Jesus, when he was teaching in the Temple, said, How do the scribes say that the Christ is the Son of David?
και αποκριθεις ο ιησους ελεγεν διδασκων εν τω ιερω πως λεγουσιν οι γραμματαις οτι ο χριστος υιος εστιν δαβιδ
- 36 Poutan, men sa David te di (se Sentespri menm ki te fè l' di l'): Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou.
David himself said in the Holy Spirit, The Lord said to my Lord, Be seated at my right hand, till I put those who are against you under your feet.
αυτος γαρ δαβιδ ειπεν εν τω πνευματι τω αγιω ειπεν ο κυριος τω κυριω μου καθου εκ δεξιων μου εως αν θω τους εχθρους σου υποποδιον των ποδων σου

- 37 Si David rele Kris la Seyè, ki jan pou Kris la ta ka pitit pitit David? Yon pakèt moun t'ap koute Jezi avèk plezi.
David himself gives him the name of Lord; and how then is he his son? And the common people gave ear to him gladly.
αυτος ουν δαβιδ λεγει αυτον κυριον και ποθεν υιος αυτου εστιν και ο πολυς οχλος ηκουεν αυτου ηδεως
- 38 Nan sa li t'ap moutre moun yo, li di yo konsa: -Pran prekosyon nou avèk dirèktè lalwa sa yo. Yo renmen pwonmennen avèk wòb long yo, yo renmen moun di yo bonjou jouk atè lè yo sou plas piblik.
And in his teaching he said, Be on your watch against the scribes, whose pleasure it is to go about in long robes and be respected in the market-places,
και ελεγεν αυτοις εν τη διδαχη αυτου βλεπετε απο των γραμματεων των θελοντων εν στολαις περιπατειν και ασπασμους εν ταις αγοραις
- 39 Lè y' al nan sinagòg, yo chita kote pou tout moun wè yo. Nan resepsyon yo chache pi bon plas la.
And to have the chief seats in the Synagogues and the first places at feasts;
και πρωτοκαθεδριας εν ταις συναγωγαις και πρωτοκλισιας εν τοις δειπνοις
- 40 Se piye y'ap piye malerèz yo, an menm tan y'ap plede fè lapriyè byen long pou parèt pi bon. Kondannasyon yo pral pi rèd.
Who take away the property of widows, and before the eyes of men make long prayers; these will be judged more hardly.
οι κατεσθιοντες τας οικιας των γηρων και προφασει μακρα προσευχομενοι ουτοι ληψονται περισσοτερον κριμα
- 41 ¶ Apre sa, Jezi te chita vizaviz ak bwat kote yo mete ofrann nan tanp lan. Li t'ap gade moun yo ap mete lajan ladan li. Plizyè moun rich t'ap mete anpil lajan.
And he took a seat by the place where the money was kept, and saw how the people put money into the boxes: and a number who had wealth put in much.
 ησαν δε και γυναικεσ απο μακροθεν θεωρουσαι εν αιs ην και μαρια η μαγδαληνη και μαρια η του ιακωβου του μικρου και ιωση μητηρ και σαλωμη
- 41 Medam sa yo t'ap swiv Jezi, se yo ki t'ap okipe l' depi lè l' te nan peyi Galile. Te gen anpil lòt tou ki te moute lavil Jerizalèm ansanm ak li.
 Who went with him when he was in Galilee and took care of him; and a number of other women who came up with him to Jerusalem.
 αι και οτε ην εν τη γαλιλαια ηκολουθουν αυτω και διηκουνουν αυτω και αλλαι πολλαι αι συναναβασαι αυτω εις ιεροσολυμα
- 42 ¶ Solèy te fin kouche, se te jou preparasyon jwif yo (ki vle di: lavèy jou repo a).
 And when it was evening, because it was the time of getting ready, that is, the day before the Sabbath,
 και ηδη οψιαs γενομενηs επει ην παρασκευη ο εστιν προσαββατον
- 43 Lè sa a Jozèf, yon moun lavil Arimate, vin rive. Se te yon manm respektab nan Gran Konsèy jwif yo. Li menm tou li t'ap tann lè Bondye t'ap vin pran gouvènman an nan men pa li. Li te gen kouraj ale devan Pilat mande kò Jezi.
 There came Joseph of Arimathaea, a responsible man in high honour, who was himself waiting for the kingdom of God; and he went in to Pilate without fear, and made a request for the body of Jesus.
 ηλθεν ιωσηφ ο απο αριμαθαιαs ευσημων βουλευτηs οs και αυτωs ην προσδεχομενοs την βασιλειαν του θεου τολμησας εισηλθεν προς πιλατον και ητησατο το σωμα του ιησου
- 44 Men, Pilat te sezi lè l' vin konnen Jezi te gen tan mourì. Li voye rele kaptenn lan, li mande l' si Jezi te mourì depi lontan.
 And Pilate was surprised that he was dead; and, sending for the captain, he put a question to see if he had been dead for long.
 ο δε πιλατωs εθαυμασεν ει ηδη τεθνηκεν και προσκαλεσαμενοs τον κεντυριωνα ετηρωτησεν αυτον ει παλαι απεθανεν
- 45 Lè kaptenn lan fin ba li repons sèten, li bay Jozèf kò a.
 And when he had news of it from the captain, he let Joseph have the body.
 και γουωs απο του κεντυριωνωs εδωρησατο το σωμα τω ιωσηφ
- 46 Jozèf achte yon bèl dra blan, li desann kò Jezi sou kwa a, li vlope l' nan dra a, epi li mete l' nan yon kavò yo te fouye nan wòch la. Apre sa, li woule yon gwo wòch devan bouch kavò a.
 And he got a linen cloth and, taking him down, put the linen cloth round him, and put him in a place for the dead which had been cut out of a rock; and a stone was rolled against the door.
 και αγορασας σινδωνα και καθελων αυτον ενειλησεν τη σινδωνι και κατεθηκεν αυτον εν μνημειω ο ην λελατομημενον εκ πετραs και προσεκυλισεν λιθον επι την θυραν του μνημειου
- 47 Mari, moun lavil Magdala a, ansanm ak Mari, manman Jòz, t'ap gade kote yo mete kò a.
 And Mary Magdalene and Mary, the mother of Joses, saw where he was put.
 η δε μαρια η μαγδαληνη και μαρια ιωση εθεωρουν που τιθεται

- 1 ¶ Lè jou repo a te fin pase, Mari, moun lavil Magdala a, Mari, manman Jak, ansanm ak Salome, te achte medikaman pou y' al benyen kò Jezi.
And when the Sabbath was past, Mary Magdalene and Mary, the mother of James, and Salome, got spices, so that they might come and put them on him.
και διαγενομενου του σαββατου μαρια η μαγδαληνη και μαρια η του ιακωβου και σαλωμη ηγορασαν αρωματα ινα ελθουσαι αλειψωσιν αυτον
- 2 Nan dimanch maten byen bonè, solèy te fèk ap leve, medam yo ale nan kavo a.
And very early after dawn on the first day of the week, they came at the time of the coming up of the sun to the place where the body had been put.
και λιαν πρωι της μιας σαββατων ερχονται επι το μνημειον ανατειλαντος του ηλιου
- 3 Yonn t'ap di lòt: -Ki moun ki pral woule wòch ki devan bouch kavo a pou nou?
And they were saying among themselves, Who will get the stone rolled away from the door for us?
και ελεγον προς εαυτας τις αποκυλισει ημιν τον λιθον εκ της θυρας του μνημειου
- 4 Lè yo leve je yo, yo wè yo te gen tan woule wòch la sou kote. E se te yon gwo wòch.
And looking up, they saw that the stone was rolled back; and it was of great size.
και αναβλεψασαι θεωρουσιν οτι αποκεκυλισται ο λιθος ην γαρ μεγας σφοδρα
- 5 Yo antre nan kavo a, yo wè yon jenn gason chita sou bò dwat la; li te gen yon wòb tou blan sou li. Yo te sezi, yo te pè.
And when they went in, they saw a young man seated on the right side, dressed in a white robe; and they were full of wonder.
και εισελθουσαι εις το μνημειον ειδον νεανισκον καθημενον εν τοις δεξιοις περιβεβλημενον στολην λευκην και εξεθαμβηθησαν
- 6 Men, jenn gason an di yo: -Nou pa bezwen pè: N'ap chache Jezi, moun Nazarèt yo te kloure sou kwa a? Enben, li leve soti vivan nan lanmò, li pa isit la. Gade. Men kote yo te mete l' la.
And he said to them, Do not be troubled: you are looking for Jesus, the Nazarene, who has been put to death on the cross; he has come back from the dead; he is not here: see, the place where they put him!
ο δε λεγει αυταις μη εκθαμβεισθε ιησουν ζητειτε τον ναζαρηνον τον εσταυρωμενον ηγερθη ουκ εστιν ωδε ιδε ο τοπος οπου εθηκαν αυτον
- 7 Ale di disip li yo ansanm ak Pyè, li al tann yo nan peyi Galile. Se la y'a wè l', jan l' te di yo a.
But go, say to his disciples and to Peter, He goes before you into Galilee: there you will see him, as he said to you.
αλλ υπαγετε ειπατε τοις μαθηταις αυτου και τω πετρω οτι προαγει υμας εις την γαλιλιαν εκει αυτον οψεσθε καθως ειπεν υμιν
- 8 Medam yo soti nan kavo a, yo pran kouri ale. Yo t'ap tranble kou fèy bwa, yo te pè anpil. Yo pa di pesonn anyen tèlman yo te pè.
And they went out quickly from the place, because fear and great wonder had come on them: and they said nothing to anyone, because they were full of fear that ...
και εξελθουσαι ταχυ εφυγον απο του μνημειου ειχεν δε αυτας τρομος και εκστασις και ουδενι ουδεν ειπον εφοβουντο γαρ
- 9 ¶ Nan dimanch maten, Jezi te leve soti vivan nan lanmò. Premye moun li te fè wè li, se te Mari, moun lavil Magdala a. (Se sou li Jezi te wete sèt move lespri.)
Now when he came back from the dead early on the first day of the week, he went first to Mary Magdalene, from whom he had sent out seven evil spirits.
αναστας δε πρωι πρωτη σαββατου εφανη πρωτον μαρια τη μαγδαληνη αφ ης εκβεβληκει επτα δαιμονια
- 10 Mari al pote nouvèl la bay moun ki te konn ak Jezi yo. Yo te nan lapenn anpil, yo t'ap kriye.
She went and gave news of it to those who had been with him, while they were sorrowing and weeping.
εκεινη πορευθεισα απηγγειλεν τοις μετ αυτου γενομενοις πενθουσιν και κλαιουσιν
- 11 Men, yo pa t' vle kwè Mari, lè l' te di yo: -Jezi vivan, mwen wè l' ak de je mwen.
And they, when it came to their ears that he was living, and had been seen by her, had no belief in it.
κακεινοι ακουσαντες οτι ζη και εθεαθη υπ αυτης ηπιστησαν
- 12 Apre sa, Jezi te parèt yon lòt jan ankò devan de nan disip yo, antan yo te nan chemen pou ale andeyò.
And after these things he was seen in another form by two of them, while they were walking on their way into the country.
μετα δε ταυτα δυσιν εξ αυτων περιπατουσιν εφανερωθη εν ετερα μορφη πορευομενοις εις αγρον
- 13 Yo tounen sou chemen yo vin fè lòt yo konn sa. Men, lòt yo pa t' ankò vle kwè toujou.
And they went away and gave news of it to the rest; and they had no belief in what was said.
κακεινοι απελθοντες απηγγειλαν τοις λοιποις ουδε εκεινοις επιστευσαν

- 14 ¶ Pita, Jezi parèt devan tout onz disip yo yon lè yo t'ap manje. Li repwoche yo dèske yo pa t' gen konfyans, yo t'ap fè tèt di toujou, yo pa t' kwè moun ki te wè l' yo apre li te leve soti vivan pami mò yo.
And later he was seen by the eleven themselves while they were taking food; and he said sharp words to them because they had no faith and their hearts were hard, and because they had no belief in those who had seen him after he had come back from the dead.
υστερον ανακειμενοι αυτοις τοις ενδεκα εφανερωθη και ωνειδισεν την απιστιαν αυτων και σκληροκαρδιαν οτι τοις θεασαμενοις αυτον εγηγερμενον ουκ επιστευσαν
- 15 Epi li di yo: -Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun.
And he said to them, Go into all the world, and give the good news to everyone.
και ειπεν αυτοις πορευθεντες εις τον κοσμον απαντα κηρυξατε το ευαγγελιον παση τη κτισει
- 16 Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannen.
He who has faith and is given baptism will get salvation; but he who has not faith will be judged.
ο πιστευσας και βαπτισθεις σωθησεται ο δε απιστησας κατακριθησεται
- 17 Moun ki kwè va fè anpil mirak; y'a chase move lespri nan non mwen, y'a pale lòt lang.
And these signs will be with those who have faith: in my name they will send out evil spirits; and they will make use of new languages;
σημεια δε τοις πιστευσασιν ταυτα παρακολουθησει εν τω ονοματι μου δαιμονια εκβαλουσιν γλωσσαις λαλησουσιν καιναις
- 18 Yo ta mèt kenbe sèpan, yo ta mèt bwè pwazon, anyen p'ap rive yo. y'a mete men sou tèt moun malad, moun malad yo va geri.
They will take up snakes, and if there is poison in their drink, it will do them no evil; they will put their hands on those who are ill, and they will get well.
οφεις αρουσιν καν θανασιμον τι πωσιν ου μη αυτους βλαψει επι αρρωστους χειρας επιθησουσιν και καλως εξουσιν
- 19 ¶ Apre Seyè Jezi te fin pale ak yo konsa, li moute nan syèl, li al chita sou bò dwat Bondye.
So then the Lord Jesus, after he had said these words to them, was taken up into heaven and took his seat at the right hand of God.
ο μεν ουν κυριος μετα το λαλησαι αυτοις ανεληφθη εις τον ουρανον και εκαθισεν εκ δεξιων του θεου
- 20 Disip yo pati, y' al anonse Bon Nouvèl la toupatou. Seyè a t'ap travay ansanm ak yo: Anmenmtan li t'ap fè anpil mirak tou pou moutre sa yo t'ap di a se vre.
And they went out, preaching everywhere, the Lord working with them, and giving witness to the word by the signs which came after. So be it.
εκεινοι δε εξελθοντες εκηρυξαν πανταχου του κυριου συνεργουντος και τον λογον βεβαιουντος δια των επακολουθουντων σημειων αμην
- 1 ¶ Teofil chèf mwen, anpil moun te seye ekri istwa tout evènman ki te pase nan mitan nou yo.
As a number of attempts have been made to put together in order an account of those events which took place among us,
επειδηπερ πολλοι επεχειρησαν αναταξασθαι διηγησιν περι των πεπληροφορημενων εν ημιν πραγματων
- 2 Yo te rakonte yo jan nou te aprann yo nan bouch moun ki te wè yo ak pwòp je yo depi nan konmansman, moun ki te resevwa lòd mache fè konnen pawòl Bondye a.
As they were handed down to us by those who saw them from the first and were preachers of the word,
καθως παρεδωσαν ημιν οι απ αρχης αυτοπται και υπηρεται γενομενοι του λογου
- 3 Se konsa, mwen menm tou, mwen chache konnen tout bagay sa yo byen depi nan konmansman yo. Koulye a, mwen kwè se yon bon bagay pou m' ekri yo tout, yonn apre lòt, jan sa te pase a pou ou menm tou, chèf mwen.
It seemed good to me, having made observation, with great care, of the direction of events in their order, to put the facts in writing for you, most noble Theophilus;
εδοξεν καμοι παρηκολουθηκοτι ανωθεν πασιν ακριβως καθεξης σοι γραφαι κρατιστε θεοφιλε
- 4 Konsa wa kapab rekonèt tou sa yo te moutre ou yo se verite yo ye.
So that you might have certain knowledge of those things about which you were given teaching.
ινα επιγνωσ περι ων κατηχηθης λογων την ασφαλειαν
- 5 ¶ Nan tan Ewòd te wa nan peyi Jide a, te gen yon prèt yo te rele Zakari. Li te fè pati gwoup prèt Abiya yo. Madanm li te rele Elizabèt: se te yon moun ras Arawon, ansyen granprèt la.
In the days of Herod, king of Judaea, there was a certain priest, by name Zacharias, of the order of Abijah; and he had a wife of the family of Aaron, and her name was Elisabeth.
εγενετο εν ταις ημεραις ηρωδου του βασιλεως της ιουδαιας ιερευς τις ονοματι ζαχαριας εξ εφημεριας αβια και η γυνη αυτου εκ των θυγατερων ααρων και το ονομα αυτης ελισαβετ
- 6 Yo tou de te mache dwat devan Bondye, yo t'ap swiv kòmandman Mèt la ansanm ak tout lalwa a san ankenn repwòch.
They were upright in the eyes of God, keeping all the rules and orders of God, and doing no wrong.
ησαν δε δικαιοι αμφοτεροι ενωπιον του θεου πορευομενοι εν πασαις ταις εντολαις και δικαιωμασιν του κυριου αμειπτοι

- 7 Men, yo pa t' gen pitit paske Elizabèt pa t' kapab fè pitit. Yo tou de te fin vye granmoun.
 And they were without children, because Elisabeth had never given birth, and they were at that time very old.
 και ουκ ην αυτοις τεκνον καθοτι η ελισαβετ ην στειρα και αμφοτεροι προβεβηκοτες εν ταις ημεραις αυτων ησαν
- 8 Yon jou, Zakari te desèvis kou prèt devan Bondye, paske se te tou gwoup pa l' la.
 Now it came about that in his turn he was acting as priest before God,
 εγενετο δε εν τω ιερατευειν αυτον εν τη ταξει της εφημεριας αυτου εναντι του θεου
- 9 Dapre koutim sèvis la, yo te tire osò pou chwazi yonn nan prèt yo pou antre nan tanp Mèt la pou ofri lansan an. Twouve fwa sa a, se Zakari ki te soti.
 And as was the way of the priests, he had to go into the Temple to see to the burning of perfumes.
 κατα το εθος της ιερατειας ελαχεν του θυμιασαι εισελθων εις τον ναον του κυριου
- 10 Tout mas pèp la t'ap lapriyè deyò, antan Zakari menm te anndan ap ofri lansan an.
 And all the people were offering prayers outside, at the time of the burning of perfumes.
 και παν το πληθος του λαου ην προσευχομενον εξω τη ωρα του θυμιαματος
- 11 Vwala, yon zanj Bondye parèt devan Zakari; li te kanpe sou bò dwat lotèl kote yo boule lansan an.
 And he saw an angel of the Lord in his place on the right side of the altar.
 ωφθη δε αυτω αγγελος κυριου εστως εκ δεξιων του θυσιαστηριου του θυμιαματος
- 12 Lè Zakari wè l', li sezi; li te pè anpil.
 And Zacharias was troubled when he saw him, and fear came on him.
 και εταραχθη ζαχαριας ιδων και φοβος επεπεσεν επ αυτον
- 13 Men zanj lan di li: Pa pè, Zakari. Bondye te tande lapriyè ou la. Elizabèt, madanm ou, pral ba ou yon pitit gason; ou va rele l' Jan.
 But the angel said, Have no fear, Zacharias, for your prayer has come to the ears of God, and your wife Elisabeth will have a son, and his name will be John.
 ειπεν δε προς αυτον ο αγγελος μη φοβου ζαχαρια διοτι εισηκουσθη η δεησις σου και η γυνη σου ελισαβετ γεννησει υιον σοι και καλεσεις το ονομα αυτου ιωαννην
- 14 Ala kontan wa kontan lè pitit sa a va fèt! Anpil lòt moun va kontan tou lè sa a.
 And you will be glad and have great delight; and numbers of people will have joy at his birth.
 και εσται χαρα σοι και αγαλλιασις και πολλοι επι τη γεννησει αυτου χαρησονται
- 15 L'ap yon grannèg devan Bondye, Mèt la; li p'ap bwè ni diven, ni ankenn alkòl. Depi nan vant manman li, l'ap anba pouwva Sentespri a.
 For he will be great in the eyes of the Lord; he will not take wine or strong drink; and he will be full of the Spirit of God from his birth.
 εσται γαρ μεγας ενωπιον του κυριου και οινον και σικερα ου μη πιη και πνευματος αγιου πλησθησεται ετι εκ κοιλιας μητρος αυτου
- 16 L'ap fè anpil moun nan pèp Izrayèl la tounen vin jwenn Mèt la, Bondye yo a.
 And through him great numbers of the children of Israel will be turned to the Lord their God.
 και πολλους των υιων ισραηλ επιστρεψει επι κυριον τον θεον αυτων
- 17 L'ap mache devan Bondye nan menm lespri ak menm pouwva pwofèt Eli te genyen an. L'ap fè papa vin byen ankò ak pitit; l'ap fè moun ki rebèl rive gen konprann tankou moun k'ap obeyi Bondye, l'ap pare yon pèp byen dispoze pou resewva Mèt la.
 And he will go before his face in the spirit and power of Elijah, turning the hearts of fathers to their children, and wrongdoers to the way of righteousness; to make ready a people whose hearts have been turned to the Lord.
 και αυτος προελευσεται ενωπιον αυτου εν πνευματι και δυναμει ηλιου επιστρεψαι καρδιας πατερων επι τεκνα και απειθεις εν φρονησει δικαιων ετοιμασαι κυριω λαον κατεσκευασμενον
- 18 Zakari di zanj lan konsa: Ki jan pou m' fè kwè sa w'ap di m' la a se vre? Ala mwen fin vye, madanm mwen fin vye granmoun tou.
 And Zacharias said to the angel, How may I be certain of this? For I am an old man, and my wife is far on in years.
 και ειπεν ζαχαριας προς τον αγγελον κατα τι γνωσομαι τουτο εγω γαρ εμι πρεσβυτης και η γυνη μου προβεβηκυια εν ταις ημεραις αυτης
- 19 Zanj lan reponn li: Mwen se Gabriyèl ki toujou kanpe nan sèvis devan Bondye. Se Bondye menm ki voye m' pale avè ou, pou m' pote bon nouvèl sa a ba ou.
 And the angel, answering, said, I am Gabriel, whose place is before God; I have been sent to say these words to you and to give you this good news.
 και αποκριθεις ο αγγελος ειπεν αυτω εγω εμι γαβριηλ ο παρεστηκωσ ενωπιον του θεου και απεσταλην λαλησαι προς σε και ευαγγελισασθαι σοι ταυτα

- 20 Men, paske ou pa kwè pawòl mwen yo ki gen pou rive nan tan yo, ou pral vin bèbè, ou p'ap ka pale jouk jou bagay sa yo va rive.
Now, see, you will be without voice or language till the day when these things come about, because you had not faith in my words, which will have effect at the right time.
και ιδου εση σιωπων και μη δυναμενος λαλησαι αχρι ης ημερας γενηται ταυτα ανθ ων ουκ επιστευσας τοις λογοις μου οιτινες πληρωθησονται εις τον καιρον αυτων
- 21 Tout tan sa a, pèp la menm t'ap tann Zakari; yo te sezi wè jan l' te mize nan tanp lan.
And the people were waiting for Zacharias and were surprised because he was in the Temple for such a long time.
και ην ο λαος προσδοκων τον ζαχαριαν και εθαυμαζον εν τω χρονιζειν αυτον εν τω ναω
- 22 Men, lè Zakari soti, li pa t' kapab pale avèk yo. Lè sa a yo vin konprann li te gen yon vizyon nan tanp lan. Li t'ap fè yo yon bann siy ak men l', men li pa t' kapab pale.
And when he came out he was not able to say anything, and they saw that he had seen a vision in the Temple; and he was making signs to them without words.
εξελθων δε ουκ ηδυνατο λαλησαι αυτοις και επεγνωσαν οτι οπτασιαν εωρακεν εν τω ναω και αυτος ην διανεων αυτοις και διεμενεν κωφος
- 23 Lè tan sèvis li fini, Zakari tounen lakay li.
And when the days of his work in the Temple were ended, he went back to his house.
και εγενετο ως επλησθησαν αι ημεραι της λειτουργιας αυτου απηλθεν εις τον οικον αυτου
- 24 Kèk tan apre sa, Elizabèt, madanm li, vin ansent. Li fè senk mwa kache lakay; li t'ap di:
After that time, Elisabeth, being certain that she was to become a mother, kept herself from men's eyes for five months, saying,
μετα δε ταυτας τας ημερας συνελαβεν ελισαβετ η γυνη αυτου και περιεκρυβεν εαυτην μηνας πεντε λεγουσα
- 25 Gade sa Mèt la fè pou mwen non! Se koulè a sa fè l' plezi pou l' wete dezònè m' devan lèzòm.
The Lord has done this to me, for his eyes were on me, to take away my shame in the eyes of men.
οτι ουτως μοι πεποιηκεν ο κυριος εν ημεραις αις επειδεν αφελειν το ονειδος μου εν ανθρωποις
- 26 ¶ Sou sizyèm mwa gwochè Elizabèt la, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil nan peyi Galile yo rele Nazarèt.
Now in the sixth month the angel Gabriel was sent from God to a town in Galilee, named Nazareth,
εν δε τω μηνι τω εκτω απεσταλη ο αγγελος γαβριηλ υπο του θεου εις πολιν της γαλιλαιας η ονομα ναζαρετ
- 27 Bondye te voye l' kay yon jennfi ki te fiyans ak yon nonm yo rele Jozèf. Jozèf sa a, se te moun ras David. Yo te rele jennfi a Mari.
To a virgin who was to be married to a man named Joseph, of the family of David; and the name of the virgin was Mary.
προς παρθενον μεμηστευμενην ανδρι ω ονομα ιωσηφ εξ οικου δαβιδ και το ονομα της παρθενου μαριαμ
- 28 Zanj lan antre lakay Mari, li di li: Bonjou, Mari, ou menm ki resewva anpil favè. Mèt la avèk ou.
And the angel came in to her and said, Peace be with you, to whom special grace has been given; the Lord is with you.
και εισελθων ο αγγελος προς αυτην ειπεν χαιρε κεχαριτωμενη ο κυριος μετα σου ευλογημενη συ εν γυναιξιν
- 29 Lè Mari tande pawòl sa yo, tèt li te boulvèse, li t'ap mande nan kè l' kisa bonjou sa a te vle di.
But she was greatly troubled at his words, and said to herself, What may be the purpose of these words?
η δε ιδουσα διεταραχθη επι τω λογω αυτου και διελογιζετο ποταπος ειη ο ασπασμος ουτος
- 30 Men, zanj lan di li: Pa pè, Mari. Ou jwenn favè nan men Bondye.
And the angel said to her, Have no fear, Mary, for you have God's approval.
και ειπεν ο αγγελος αυτη μη φοβου μαριαμ ευρες γαρ χαριν παρα τω θεω
- 31 Ou pral vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi.
And see, you will give birth to a son, and his name will be Jesus.
και ιδου συλληψη εν γαστρι και τεξη υιον και καλεσεις το ονομα αυτου ιησουν
- 32 L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li.
He will be great, and will be named the Son of the Most High: and the Lord God will give him the kingdom of David, his father:
ουτος εσται μεγας και υιος υψιστου κληθησεται και δωσει αυτω κυριος ο θεος τον θρονον δαβιδ του πατρος αυτου
- 33 La gouvènènan pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini.
He will have rule over the house of Jacob for ever, and of his kingdom there will be no end.
και βασιλευσει επι τον οικον ιακωβ εις τους αιωνας και της βασιλειας αυτου ουκ εσται τελος

- 34 Mari di zanj lan konsa: Ki jan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm konn gason!
 And Mary said to the angel, How may this be, because I have had no knowledge of a man?
 ειπεν δε μαριαμ προς τον αγγελον πως εσται τουτο επει ανδρα ου γινωσκω
- 35 Zanj lan reponn li: Sentespri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, tipitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y'a rele l' Pitit Bondye.
 And the angel in answer said to her, The Holy Spirit will come on you, and the power of the Most High will come to rest on you, and so that which will come to birth will be named holy, Son of God.
 και αποκριθεις ο αγγελος ειπεν αυτη πνευμα αγιον επελευσεται επι σε και δυναμις υψιστου επισκιασει σοι διο και το γεννωμενον αγιον κληθησεται υιος θεου
- 36 Ou konnen Elizabèt, fanmi ou lan? Atout li fin vye a, men l' ansent yon pitit gason. Yo te di l' pa t' kapab fè pitit, men li deja sou sis mwa gwsès.
 Even now Elisabeth, who is of your family, is to be a mother, though she is old: and this is the sixth month with her who was without children.
 και ιδου ελισαβητ η συγγενης σου και αυτη συνεληφουα υιον εν γηρα αυτης και ουτος μην εκτος εστιν αυτη τη καλουμενη σταιρα
- 37 Tou sa rive paske pa gen anyen Bondye pa ka fè.
 For there is nothing which God is not able to do.
 οτι ουκ αδυνατησει παρα τω θεω παν ρημα
- 38 Mari di li: Men mwen, se sèvan Mèt la mwen ye. Mwen swate pou sa rive m' jan ou di a. Epi zanj lan kite li.
 And Mary said: I am the servant of the Lord; may it be to me as you say. And the angel went away.
 ειπεν δε μαριαμ ιδου η δουλη κυριου γενοιτο μοι κατα το ρημα σου και απηλθεν απ αυτης ο αγγελος
- 39 ¶ Nan menm epòk sa a, Mari soti, li pran chemen pou l' rive byen vit nan yon bouk nan mòn peyi Jide a.
 Then Mary got up and went quickly into the high lands, to a town of Judah;
 αναστασα δε μαριαμ εν ταις ημεραις ταυταις επορευθη εις την ορεινην μετα σπουδης εις πολιν ιουδα
- 40 Li antre lakay Zakari, li di Elizabèt bonjou.
 And went into the house of Zacharias and took Elisabeth in her arms.
 και εισηλθεν εις τον οικον ζαχαριου και ησπασατο την ελισαβητ
- 41 Lè Elizabèt tande Mari di l' bonjou, pitit la pran sote nan vant li. Lamenn Elizabèt vin anba pouvwa Sentespri.
 And when the voice of Mary came to the ears of Elisabeth, the baby made a sudden move inside her; then Elisabeth was full of the Holy Spirit,
 και εγενετο ως ηκουσεν η ελισαβητ τον ασπασμον της μαριας εσκιρτησεν το βρεφος εν τη κοιλια αυτης και επλησθη πνευματος αγιου η ελισαβητ
- 42 Li pran pale byen fò, li di konsa: Nan tout fanm ki sou latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Pitit ki nan vant ou a tou Bondye beni li.
 And she said with a loud voice: May blessing be on you among women, and a blessing on the child of your body.
 και ανεφωνησεν φωνη μεγαλη και ειπεν ευλογημενη συ εν γυναιξιν και ευλογημενος ο καρπος της κοιλιας σου
- 43 Kisa m' ye menm, pou manman Mèt mwen vin rann mwen vizit?
 How is it that the mother of my Lord comes to me?
 και ποθεν μοι τουτο ινα ελθη η μητηρ του κυριου μου προς με
- 44 Gade! Bonjou ou la poko rive nan zòrèy mwen, pitit la pran sote nan vant mwen tèlman li kontan.
 For, truly, when the sound of your voice came to my ears, the baby in my body made a sudden move for joy.
 ιδου γαρ ως εγενετο η φωνη του ασπασμου σου εις τα ωτα μου εσκιρτησεν εν αγαλλιασει το βρεφος εν τη κοιλια μου
- 45 Ou se yon fanm beni! Paske, ou te kwè tout pawòl Mèt la voye di ou yo gen pou rive vre.
 Happy will she be who had faith that the things which the Lord has said to her will be done.
 και μακαρια η πιστευσασα οτι εσται τελειωσις τοις λελαλημενοις αυτη παρα κυριου
- 46 Lè sa a Mari di: Nanm mwen ap chante pou Mèt la ki gen pouvwa.
 And Mary said: My soul gives glory to God;
 και ειπεν μαριαμ μεγαλυνει η ψυχη μου τον κυριον
- 47 Lespri m' pran plezi nan Bondye ki delivrans mwen.
 My spirit is glad in God my Saviour.
 και ηγαλλιασεν το πνευμα μου επι τω θεω τω σωτηρι μου

- 48 Paske li voye je l' sou mwen, yon sèvant ki soumèt devan li. Wi, depi koulye a, epi pou tout tan, tout moun pral di: Ou se yon fanm Bondye beni!
 For he has had pity on his servant, though she is poor and lowly placed: and from this hour will all generations give witness to the blessing which has come to me.
 οτι επεβλεψεν επι την ταπεινωσιν της δουλης αυτου ιδου γαρ απο του νυν μακαριουσιν με πασαι αι γενεαι
- 49 Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèl bagay pou mwen. Non li, se yon non pou tout moun respekte.
 For he who is strong has done great things for me; and holy is his name.
 οτι εποησεν μοι μεγαλεια ο δυνατος και αγιον το ονομα αυτου
- 50 L'ap toujou gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou li.
 His mercy is for all generations in whom is the fear of him.
 και το ελεος αυτου εις γενεας γενεων τοις φοβουμενοις αυτον
- 51 Li fè lèzòm santi fòs ponyèt li. Li fè moun ki gen lògèy ak gwo lide nan kè yo pèdi tèt yo.
 With his arm he has done acts of power; he has put to flight those who have pride in their hearts.
 εποησεν κρατος εν βραχιονι αυτου διεσκορπισεν υπερηφανους διανοια καρδιας αυτων
- 52 Li desann chèf ki te byen chita nan fotèy yo. Li leve moun ki pa gen pretansyon yo.
 He has put down kings from their seats, lifting up on high the men of low degree.
 καθειλεν δυναστας απο θρονων και υψωσεν ταπεινους
- 53 Li bay moun ki grangou yo anpil byen. Li voye rich yo ale san anyen.
 Those who had no food he made full of good things; the men of wealth he sent away with nothing in their hands;
 πεινωντας ενεπλησεν αγαθων και πλουτουοντας εξαπεστειλεν κενους
- 54 Li vin pote sekou bay pèp Izrayèl k'ap sèvi l' la. Li pa bliye fè wè jan li toujou gen kè sansib,
 His help he has given to Israel, his servant, so that he might keep in mind his mercy to Abraham and his seed for ever,
 αντελαβετο ισραηλ παιδος αυτου μνησθηναι ελεους
- 55 pou Abraram ansanm ak tout ras li a, dapre pwomès li te fè zansèt nou yo.
 As he gave his word to our fathers.
 καθως ελαλησεν προς τους πατερας ημων το αβρααμ και το σπερματι αυτου εις τον αιωνα
- 56 Mari pase twa mwa konsa ak Elizabèt. Apre sa, li tounen lakay li.
 And Mary was with her for about three months and then went back to her house.
 εμεινεν δε μαριαμ συν αυτη ωσει μηνας τρεις και υπεστρεψεν εις τον οικον αυτης
- 57 ¶ Lè jou pou Elizabèt akouche a rive, li fè yon pitit gason.
 Now it was time for Elisabeth to give birth, and she had a son.
 τη δε ελισαβετ επλησθη ο χρονος του τεκειν αυτην και εγεννησεν υιον
- 58 Vwazinaj ak fanmi l' yo vin konnen jan Mèt la te fè Elizabèt yon gwo favè. Yo te kontan pou li.
 And it came to the ears of her neighbours and relations that the Lord had been very good to her, and they took part in her joy.
 και ηκουσαν οι περιοικοι και οι συγγενεις αυτης οτι εμεγαλυνεν κυριος το ελεος αυτου μετ αυτης και συνεχαυρον αυτη
- 59 Sou wit jou, yo te vin pou sikonsi pitit la; yo te vle rele l' Zakari, menm non ak papa li.
 And on the eighth day they came to see to the circumcision of the child, and they would have given him the name of Zacharias, his father's name;
 και εγενετο εν τη ογδοη ημερα ηλθον περιτεμειν το παιδιον και εκαλουν αυτο επι το ονοματι του πατρος αυτου ζαχαριαν
- 60 Men, manman l' di yo: Non, se Jan pou l' rele.
 But his mother made answer and said, No, his name is John.
 και αποκριθεισα η μητηρ αυτου ειπεν ουχι αλλα κληθησεται ιωαννης
- 61 Yo di l' konsa: Men, pa gen pesonn nan fanmi ou ki rele Jan.
 And they said, Not one of your relations has that name.
 και ειπον προς αυτην οτι ουδεις εστιν εν τη συγγενεια σου ος καλειται το ονοματι τουτου

- 62 Yo fè papa a siy pou mande l' ki non li ta vle bay pitit la.
 And they made signs to his father, to say what name was to be given to him.
 ενεενουν δε τω πατρι αυτου το τι αν θελοι καλεισθαι αυτον
- 63 Zakari mande yo yon ti tablo, epi li ekri: Se Jan ki non li. Yo tout te sezi.
 And he sent for writing materials and put down: His name is John; and they were all surprised.
 και αιτησας πινακιδιον εγραψεν λεγων ιωαννης εστιν το ονομα αυτου και εθαυμασαν παντες
- 64 Menm lè a bouch li louvri, lang li lage, li t'ap pale, li t'ap chante pou Bondye byen fò.
 And straight away his mouth was open and his tongue was free and he gave praise to God.
 ανεωχθη δε το στομα αυτου παραχηρημα και η γλωσσα αυτου και ελαλει ευλογων τον θεον
- 65 Tout moun ki te nan vwazinaj la te pè; nouvèl la t'ap mache bouch an bouch nan tout mòn Jidè a.
 And fear came on all those who were living round about them: and there was much talk about all these things in all the hill-country of Judaea.
 και εγενετο επι παντας φοβος τους περιοικουντας αυτους και εν ολη τη ορεινη της ιουδαιας διελαλειτο παντα τα ρηματα ταυτα
- 66 Tout moun ki te tande pawòl sa yo t'ap kalkile nan kè yo; yonn t'ap di lòt: Kisa pitit sa a pral ye menm? Pouvwa Bondye a te avèk ti pitit la tout bon vre.
 And all who had word of them kept them in their minds and said, What will this child be? For the hand of the Lord was with him.
 και εθεντο παντες οι ακουσαντες εν τη καρδια αυτων λεγοντες τι αρα το παιδιον τουτο εσται και χειρ κυριου ην μετ αυτου
- 67 ¶ Zakari, papa Jan, vin anba pouvwa Sentespri. Latou, li pran fè konnen pawòl Bondye te mete nan bouch li:
 And his father, Zacharias, was full of the Holy Spirit, and with the voice of a prophet said these words:
 και ζαχαριας ο πατηρ αυτου επλησθη πνευματος αγιου και προεφητευσεν λεγων
- 68 Ann chante pou Mèt la, Bondye pèp Izrayèl la. Paske, li vin sove pèp li a, li delivre yo anba esklavaj.
 Praise be to the Lord, the God of Israel, for he has come to his people and made them free,
 ευλογητος κυριος ο θεος του ισραηλ οτι επεσκεψατο και εποιησεν λυτρωσιν τω λαω αυτου
- 69 Li voye yon moun avek gwo pouvwa pou delivre nou. Se nan laras David, sèvitè Bondye a, li soti.
 Lifting up a horn of salvation for us in the house of his servant David,
 και ηγειρεν κερας σωτηριας ημιν εν τω οικω δαβιδ του παιδος αυτου
- 70 Se sa menm Bondye te fè konnen nan bouch pwofèt li yo depi nan tan lontan.
 (As he said, by the mouth of his holy prophets, from the earliest times,)
 καθως ελαλησεν δια στοματος των αγιων των απ αιωνος προφητων αυτου
- 71 Li te pwomèt li t'ap delivre nou anba lènmi nou yo, ak anba tout moun ki rayi nou yo.
 Salvation from those who are against us, and from the hands of those who have hate for us;
 σωτηριαν εξ εχθρων ημων και εκ χειρος παντων των μισουντων ημας
- 72 Se konsa la gen pitye pou zansèt nou yo. Li chonje kontra li menm Bondye te pase ak yo a.
 To do acts of mercy to our fathers and to keep in mind his holy word,
 ποιησαι ελεος μετα των πατερων ημων και μνησθηται διαθηκης αγιας αυτου
- 73 Dapre sèman li te fè bay Abraram, zansèt nou an.
 The oath which he made to Abraham, our father,
 ορκον ον ωμοσεν προς αβρααμ τον πατερα ημων του δουναι ημιν
- 74 Li te di l' konsa: Lè la fin delivre nou anba lènmi nou yo, la fè nou sèvi l' san nou p'ap bezwen pè.
 That we, being made free from the fear of those who are against us, might give him worship,
 αφοβως εκ χειρος των εχθρων ημων ρυσθεντας λατρευειν αυτω
- 75 Wi, la fè nou viv apa pou Bondye, la fè nou mache dwat devan li chak jou nan lavi nou.
 In righteousness and holy living before him all our days.
 εν οσιοτητι και δικαιοσυνη ενωπιον αυτου πασας τας ημερας της ζωης ημων

- 76 Kanta ou menm, pitit mwen, y'a rele ou: Pwofèt Bondye ki anwo nan syèl la. Paske, wa pran devan Mèt la pou pare chemen an pou li.
And you, child, will be named the prophet of the Most High; you will go before the face of the Lord, to make ready his ways;
και συ παιδιον προφητης υψιστου κληθηση προπορευση γαρ προ προσωπου κυριου ετοιμασαι οδους αυτου
- 77 Ou pral moutre pèp la ki jan l'ap delivre yo, ki jan l'ap padonnen peche yo.
To give knowledge of salvation to his people, through the forgiveness of sins,
του δουναι γνωσιν σωτηριας τω λαω αυτου εν αφεσει αμαρτιων αυτων
- 78 Tou sa, paske Bondye nou an gen kè sansib, li renmen nou anpil. L'ap fè yon limyè soti anwo vin klere nou tankou solèy k'ap leve.
Because of the loving mercies of our God, by which the dawn from heaven has come to us,
δια σπλαγχνα ελεους θεου ημων εν οισ επεσκεψατο ημας ανατολη εξ υψους
- 79 Li gen pou l' klere tout moun k'ap viv nan fènwa ak nan lonbraj lanmò. Li gen pou l' fè nou mache nan chemen k'ap ban nou kè poze a.
To give light to those in dark places, and in the shade of death, so that our feet may be guided into the way of peace.
επιφαναι τοις εν σκοτει και σκια θανατου καθημενοις του κατευθυναι τους ποδας ημων εις οδον ειρηνης
- 80 Ti pitit la menm t'ap grandi, lespri l' t'ap devlope. Li te rete nan dezè a jouk jou pou l' te parèt an piblik devan pèp Izrayèl la.
And the child became tall, and strong in spirit; and he was living in the waste land till the day when he came before the eyes of Israel.
το δε παιδιον ηυξανεν και εκραταιουτο πνευματι και ην εν ταις ερημοις εως ημερας αναδειξεως αυτου προς τον ισραηλ
- 1 ¶ Lè sa a, Seza Ogis te bay lòd pou yo te konte dènye moun ki nan peyi l'ap gouvènen yo.
Now it came about in those days that an order went out from Caesar Augustus that there was to be a numbering of all the world.
εγενετο δε εν ταις ημεραις εκειναις εξηλθεν δογμα παρα καισαρος αυγουστου απογραφεσθαι πασαν την οικουμενην
- 2 Premye travay sa a te fèt nan tan Kireniyis t'ap kòmande nan peyi yo rele Siri a.
This was the first numbering, which was made when Quirinius was ruler of Syria.
αυτη η απογραφη πρωτη εγενετο ηγεμονευοντος της συριας κυρηνιου
- 3 Tout moun te al fè pran non yo nan lavil kote fanmi yo te soti.
And all men went to be numbered, everyone to his town.
και επορευοντο παντες απογραφεσθαι εκαστος εις την ιδιαν πολιν
- 4 Jozèf te rete nan peyi Galile, nan yon bouk yo rele Nazarèt. Men, paske li te moun nan fanmi ak ras David, li moute, li ale nan Jide, nan lavil David yo rele Betleyèm lan.
And Joseph went up from Galilee, out of the town of Nazareth, into Judaea, to Beth-lehem, the town of David, because he was of the house and family of David,
ανεβη δε και ιωσηφ απο της γαλιλαιας εκ πολεως ναζαρετ εις την ιουδαιαν εις πολιν δαβιδ ητις καλειται βηθλεεμ δια το ειναι αυτον εξ οικου και πατριας δαβιδ
- 5 Jozèf tapral fè yo pran non l' ansanm ak non Mari, fyanse li, ki te ansent.
To be put on the list with Mary, his future wife, who was about to become a mother.
απογραφασθαι συν μαριαμ τη μεμνηστευμενη αυτω γυναικι ουση εγκω
- 6 Antan yo te la, jou pou Mari te akouche a rive.
And while they were there, the time came for her to give birth.
εγενετο δε εν τω ειναι αυτους εκει επλησθησαν αι ημεραι του τεκειν αυτην
- 7 Li fè premye pitit li a, yon ti gason. Mari vlope pitit la nan kouchèt, li mete l' kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje, paske pa t' gen plas pou yo nan lotèl la.
And she had her first son; and folding him in linen, she put him to rest in the place where the cattle had their food, because there was no room for them in the house.
και ετεκεν τον υιον αυτης τον πρωτοτοκον και εσαργανωσεν αυτον και ανεκλινεν αυτον εν τη φατνη διοτι ουκ ην αυτοις τοπος εν τω καταλυματι
- 8 ¶ Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki t'ap pase nwit la deyò ap veye mouton yo.
And in the same country there were keepers of sheep in the fields, watching over their flock by night.
και ποιμενες ησαν εν τη χωρα τη αυτη αγραυλουντες και φυλασσοντες φυλακας της νυκτος επι την ποιμνην αυτων
- 9 Lè sa a, yon zanj Bondye parèt devan yo, bèl limyè Bondye a klere tout kote yo te ye a. Yo te pè anpil.
And an angel of the Lord came to them, and the glory of the Lord was shining round about them: and fear came on them.
και ιδου αγγελος κυριου επεστη αυτοις και δοξα κυριου περιελαμψεν αυτους και εφοβηθησαν φοβον μεγαν

- 10 Men zanj lan di yo konsa: Pa pè. N'ap anonse nou yon bon nouvèl ki pral fè tout pèp la kontan anpil.
And the angel said, Have no fear; for truly, I give you good news of great joy which will be for all the people:
και ειπεν αυτοις ο αγγελος μη φοβεισθε ιδου γαρ ευαγγελιζομαι υμιν χαραν μεγαλην ητις εσται παντι τω λαω
- 11 Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a.
For on this day, in the town of David, a Saviour has come to birth, who is Christ the Lord.
οτι ετεχθη υμιν σημερον σωτηρ ος εστιν χριστος κυριος εν πολει δαβιδ
- 12 Men remak ki va fè nou rekonèt li: n'a jwenn yon tibebe vlope nan kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje.
And this is the sign to you: you will see a young child folded in linen, in the place where the cattle have their food.
και τουτο υμιν το σημειον ευρησετε βρεφος εσπαργανωμενον κειμενον εν τη φατνη
- 13 Menm lè a, yon foul lòt zanj nan syèl la vin jwenn zanj lan; yo t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di konsa:
And suddenly there was with the angel a great band of spirits from heaven, giving praise to God, and saying,
και εξαιφνης εγενετο συν τω αγγελω πληθος στρατιας ουρανιου αινουντων τον θεον και λεγοντων
- 14 Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun li renmen.
Glory to God in the highest, and on the earth peace among men with whom he is well pleased.
δοξα εν υψιστοις θεω και επι γης ειρηνη εν ανθρωποις ευδοκια
- 15 Zanj yo kite gadò mouton yo, yo tounen al nan syèl la. Lè sa a, gadò mouton yo yonn di lòt: Ann al jouk Betleyèm, ann al wè sa ki rive, sa Bondye fè nou konnen an.
And when the angels had gone away from them into heaven, the keepers of the sheep said to one another, Let us go now to Beth-lehem, and see this thing which has come about, which the Lord has made clear to us.
και εγενετο ως απηλθον απ αυτων εις τον ουρανον οι αγγελοι και οι ανθρωποι οι ποιμενες ειπον προς αλληλους διελθωμεν δη εως βηθλεεμ και ιδωμεν το ρημα τουτο το γεγονος ο ο κυριος εγνωρισεν ημιν
- 16 Yo prese ale, yo jwenn Mari ak Jozèf, ansanm ak tipitit la kouche kote yo bay bèt yo manje a.
And they came quickly, and saw Mary and Joseph, and the child in the place where the cattle had their food.
και ηλθον σπευσαντες και ανευρον την τε μαριαμ και τον ιωσηφ και το βρεφος κειμενον εν τη φατνη
- 17 Lè yo wè l', yo tanmen rakonte sa zanj lan te di yo sou pitit la.
And when they saw it, they gave them an account of the things which had been said to them about the child.
ιδοντες δε διεγνωρισαν περι του ρηματος του λαληθεντος αυτοις περι του παιδιου τουτου
- 18 Tout moun ki t'ap koute yo te sezi tande sa yo t'ap rakonte a.
And all those to whose ears it came were full of wonder at the things said by the keepers of the sheep.
και παντες οι ακουσαντες εθαυμασαν περι των λαληθεντων υπο των ποιμενων προς αυτους
- 19 Mari menm te kenbe tout pawòl sa yo nan kè l', li t'ap repase yo nan tèt li.
But Mary kept all these words in her heart, and gave much thought to them.
η δε μαριαμ παντα συνετηρει τα ρηματα ταυτα συμβαλλουσα εν τη καρδια αυτης
- 20 Apre sa, gadò mouton yo al fè wout yo; yo t'ap di jan Bondye gen pouwva, yo t'ap fè lwanj li, paske tou sa yo te tande ak tou sa yo te wè a te dakò ak sa zanj lan te fè yo konnen.
Then the keepers of the sheep went back, giving glory and praise to God for all the things which had come to their ears and which they had seen, as it had been said to them.
και επεστρεψαν οι ποιμενες δοξαζοντες και αινουντες τον θεον επι πασιν οις ηκουσαν και ειδον καθως ελαληθη προς αυτους
- 21 ¶ Wit jou apre, se te dat pou yo te sikonsi pitit la. Yo rele l' Jezi dapre non zanj lan te bay anvan menm manman l' te vin ansent li.
And when, after eight days, the time came for his circumcision, he was named Jesus, the name which the angel had given to him before his birth.
και οτε επλησθησαν ημεραι οκτω του περιτεμειν το παιδιον και εκληθη το ονομα αυτου ιησους το κληθεν υπο του αγγελου προ του συλληφθηναι αυτον εν τη κοιλια
- 22 Apre sa, jou a te rive pou Jozèf ak Mari te al fè sèvis pou yo ka mete Mari nan kondisyon fè sèvis Bondye dapre lalwa Moyiz. Lè sa a, yo pote tipitit la lavil Jerizalèm pou mete l' apa pou Bondye,
And when the necessary days for making them clean by the law of Moses had come to an end, they took him to Jerusalem to give him to the Lord
και οτε επλησθησαν αι ημεραι του καθαρισμου αυτων κατα τον νομον μοσεως ανηγαγον αυτον εις ιεροσολυμα παραστησαι τω κυριω

- 23 dapre sa ki te ekri nan lalwa Bondye a: Mete tout premye pitit gason yo apa pou Mèt la.
(As it says in the law of the Lord, Every mother's first male child is to be holy to the Lord),
καθως γεγραπται εν νομω κυριου οτι παν αρσεν διανοιγον μητραν αγιον τω κυριω κληθησεται
- 24 Yo te ofri tou yon pè toutrèl osinon de jenn pijon pou yo touye pou Bondye, jan yo bay lòd fè sa nan lalwa Bondye a.
And to make an offering, as it is ordered in the law of the Lord, of two doves or other young birds.
και του δουναι θυσιαν κατα το ειρημενον εν νομω κυριου ζευγος τρυγονων η δυο νεοσσους περιστερων
- 25 ¶ Lè sa a, te gen yon nonm nan Jerizalèm yo te rele Simeyon. Nonm sa a te mache dwat devan Bondye, li te respekte Bondye anpil, li t'ap tann konsa moun Bondye t'ap voye pou delivre pèp Izrayèl la. Sentespri Bondye a te avèk li.
And there was then in Jerusalem a man whose name was Simeon; and he was an upright man, fearing God and waiting for the comfort of Israel: and the Holy Spirit was on him.
και ιδου ην ανθρωπος εν ιερουσαλημ ω ονομα σιμεων και ο ανθρωπος ουτος δικαιος και ευλαβης προσδεχομενος παρακλησιν του ισραηλ και πνευμα αγιον ην επ αυτον
- 26 Li te fè l' konnen li pa t'ap mouri san l' pa wè Kris la, moun Bondye te chwazi pou l' voye a.
And he had knowledge, through the Holy Spirit, that he would not see death till he had seen the Lord's Christ.
και ην αυτω κεχηματισμενος υπο του πνευματος του αγιου μη ιδειν θανατον πριν η ιδη τον χριστον κυριου
- 27 Lespri Bondye a poue Simeyon ale nan tanp lan. Lè Jozèf ak Mari pote tipitit la pou yo fè sa lalwa mande pou li a,
And full of the Spirit he came into the Temple; and when the father and mother came in with the child Jesus, to do with him what was ordered by the law,
και ηλθεν εν τω πνευματι εις το ιερον και εν τω εισαγαγειν τους γονεις το παιδιον ιησουν του ποιησαι αυτους κατα το ειθισμενον του νομου περι αυτου
- 28 Simeyon pran tipitit la nan bra l', li di Bondye mèsi. Li di:
Then he took him in his arms and gave praise to God and said,
και αυτος εδεξατο αυτο εις τας αγκαλας αυτου και ευλογησεν τον θεον και ειπεν
- 29 Koulye a, Mèt, ou kenbe pawòl ou; ou mèt kite sèvitè ou la mouri ak kè poze.
Now you are letting your servant go in peace, O Lord, as you have said;
νυν απολυεις τον δουλον σου δεσποτα κατα το ρημα σου εν ειρηνη
- 30 Paske mwen wè ak je mwen moun ou voye pou delivre nou an.
For my eyes have seen your salvation,
οτι ειδον οι οφθαλμοι μου το σωτηριον σου
- 31 Ou pare l' mete devan tout pèp yo.
Which you have made ready before the face of all nations;
ο ητοιμασας κατα προσωπον παντων των λαων
- 32 Se yon limyè ki pou fè tout pèp yo konnen ou; se va yon lwanj pou Izrayèl pèp ou a.
A light of revelation to the Gentiles, and the glory of your people Israel.
φως εις αποκαλυψιν εθνων και δοξαν λαου σου ισραηλ
- 33 Papa ak manman Jezi te sezi tande sa Simeyon t'ap di sou pitit yo a konsa.
And his father and mother were full of wonder at the things which were said about him.
και ην ιωσηφ και η μητηρ αυτου θαυμαζοντες επι τοις λαλουμενοις περι αυτου
- 34 Simeyon rele benediksyon Bondye sou yo, li di Mari, manman Jezi: Bondye chwazi pitit sa a; l'ap lakòz anpil moun nan pèp Izrayèl la tonbe. Men, l'ap fè anpil moun nan pèp la jwenn delivrans tou.
Li pral yon siy pou Bondye, men moun p'ap vle wè li.
And Simeon gave them his blessing and said to Mary, his mother, See, this child will be the cause of the downfall and the lifting up of great numbers of people in Israel, and he will be a sign against which hard words will be said;
και ευλογησεν αυτους σιμεων και ειπεν προς μαριαμ την μητερα αυτου ιδου ουτος κειται εις πτωσιν και αναστασιν πολλων εν τω ισραηλ και εις σημειον αντιλεγομενον
- 35 Se konsa l'ap devwale tout lide k'ap travay nan fon kè anpil moun. Kanta pou ou menm, Mari, doulè gen pou fann kè ou tankou yon nepe.
(And a sword will go through your heart;) so that the secret thoughts of men may come to light.
και σου δε αυτης την ψυχην διελευσεται ρομφαια οπως αν αποκαλυφθωσιν εκ πολλων καρδιων διαλογισμοι

- 36 Te gen yon fanm ki te pwofèt la a tou. Li te rele An, pitit fi Fanwèl, nan branch fanmi Asè. Li te fin vye granmoun. Li te viv sètan avèk nonm li te marye depi l' te jennfi a.
And there was one, Anna, a woman prophet, the daughter of Phanuel, of the family of Asher (she was very old, and after seven years of married life
και ην αννα προφητις θυγατηρ φανουηλ εκ φυλης ασηρ αυτη προβεβηκυια εν ημεραις πολλαις ζησασα ετη μετα ανδρος επτα απο της παρθενιας αυτης
- 37 Apre sa, li te rete vè. Lè sa a, li te gen katrevenkatran, li pa t' janm kite tanp lan; li t'ap sèvi Bondye lajounen kou lannwit: tout tan li t'ap fè jèn, li t'ap lapriyè.
She had been a widow for eighty-four years); she was in the Temple at all times, worshipping with prayers and going without food, night and day.
και αυτη χηρα ως ετων ογδοηκοντατεσσαρων η ουκ αφιστατο απο του ιερου νηστειαις και δεησσειν λατρευουσα νυκτα και ημεραν
- 38 Menm lè sa a tou, li vin rive, li t'ap di Bondye mèsi. Li t'ap pale sou Jezi bay tout moun ki t'ap tann Bondye vin delivre lavil Jerizalèm.
And coming up at that time, she gave praise to God, talking of him to all those who were waiting for the freeing of Jerusalem.
και αυτη αυτη τη ωρα επιστασα ανθωμολογειτο τω κυριω και ελαλει περι αυτου πασιν τοις προσδεχομενοις λυτρωσιν εν ιερουσαλημ
- 39 Lè yo fin fè tou sa lalwa Bondye te mande yo fè a, Jozèf ak Mari tounen ansanm avèk tipitit la nan peyi yo, lavil Nazarèt nan Galile.
And when they had done all the things which were ordered by the law of the Lord, they went back to Galilee, to Nazareth, the town where they were living.
και ως ετελεσαν απαντα τα κατα τον νομον κυριου υπεστρεψαν εις την γαλιλαιαν εις την πολιν αυτων ναζαρετ
- 40 Pitit la menm t'ap grandi, li t'ap devlope. Li te gen kont lespri l', epi favè Bondye te avèk li.
And the child became tall and strong and full of wisdom, and the grace of God was on him.
το δε παιδιον ηρξανεν και εκραταιουτο πνευματι πληρουμενον σοφιας και χαρις θεου ην επ αυτο
- 41 ¶ Chak lanne pou fèt Delivrans lan, manman ak papa Jezi te konn ale lavil Jerizalèm.
And every year his father and mother went to Jerusalem at the feast of the Passover.
και επορευοντο οι γονεις αυτου κατ ετος εις ιερουσαλημ τη εορτη του πασχα
- 42 Lè Jezi vin gen douzan, yo moute Jerizalèm al nan fèt la jan yo te toujou fè.
And when he was twelve years old, they went up, as their way was, to the feast;
και οτε εγενετο ετων δωδεκα αναβαντων αυτων εις ιεροσολυμα κατα το εθος της εορτης
- 43 Lè jou fèt yo fin pase, moun yo t'ap tounen lakay yo. Ti Jezi menm rete lavil Jerizalèm. Men, papa l' ak manman l' pa t' wè sa.
And when the days of the feast came to an end and they were going back, the boy Jesus was still in Jerusalem, but they had no knowledge of it:
και τελειωσαντων τας ημερας εν τω υποστρεφειν αυτους υπεμεινεν ιησους ο παις εν ιερουσαλημ και ουκ εγνω ιωσηφ και η μητηρ αυτου
- 44 Yo te kwè li te avèk lòt moun ki t'ap vwayaje ansanm ak yo. Yo mache tout yon jounen. Se lè sa a yo pran chache l' pami fanmi yo ak zanmi yo.
And in the belief that he was with some of their number, they went a day's journey; and after looking for him among their relations and friends,
νομισαντες δε αυτον εν τη συνοδια ειναι ηλθον ημερας οδον και ανεζητουν αυτον εν τοις συγγενεσιν και εν τοις γνωστοις
- 45 Men yo pa jwenn li. Yo tounen Jerizalèm al chache li.
And seeing that he was not there, they went back to Jerusalem, to make search for him.
και μη ευροντες αυτον υπεστρεψαν εις ιερουσαλημ ζητουντες αυτον
- 46 Apre twa jou, yo jwenn li nan tanp lan, chita nan mitan dirèktè yo. Li t'ap koute yo, li t'ap poze yo keksyon tou.
And after three days they came across him in the Temple, seated among the wise men, giving ear to their words and putting questions to them.
και εγενετο μεθ ημερας τρεις ευρον αυτον εν τω ιερω καθεζομενον εν μεσω των διδασκαλων και ακουοντα αυτων και επερωτωντα αυτους
- 47 Tout moun ki t'ap tande l' te sezi pou jan l' te gen lespri, ak jan l' t'ap reponn yo.
And all to whose ears it came were full of wonder at his knowledge and the answers which he gave.
εξισταντο δε παντες οι ακουοντες αυτου επι τη συνεσει και ταις αποκρισειν αυτου
- 48 Lè papa l' ak manman l' wè l', yo pa t' manke sezi. Manman li di l' konsa: Pitit mwen, poukisa ou fè nou sa? Se pa ti chache papa ou avè m' nou pa chache ou. Ou fè kè n' kase.
And when they saw him they were surprised, and his mother said to him, Son, why have you done this to us? see, your father and I have been looking for you with sorrow.
και ιδοντες αυτον εξεπλαγησαν και προς αυτον η μητηρ αυτου ειπεν τεκνον τι εποιησας ημιν ουτως ιδου ο πατηρ σου καγω οδυνωμενοι εξητουμεν σε
- 49 Jezi di yo: Poukisa pou n'ap chache m' konsa? Nou pa t' konnen fòk mwen okipe zafè papa mwen?
And he said to them, Why were you looking for me? was it not clear to you that my right place was in my Father's house?
και ειπεν προς αυτους τι οτι εξητειτε με ουκ ηδειτε οτι εν τοις του πατρος μου δει ειναι με

- 50 Men yo pa t' konprann sa l' t'ap di yo.
And his words seemed strange to them.
και αυτοι ου συνηκαν το ρημα ο ελαλησεν αυτοις
- 51 Apre sa, li desann ak yo, li tounen Nazarèt. Li te soumèt devan yo. Manman l' menm te kenbe tout bagay sa yo nan kè li.
And he went down with them and came to Nazareth; and did as he was ordered: and his mother kept all these words in her heart.
και κατεβη μετ αυτων και ηλθεν εις ναζαρετ και ην υποτασσομενος αυτοις και η μητηρ αυτου διετηρει παντα τα ρηματα ταυτα εν τη καρδια αυτης
- 52 Jezi t'ap devlope, li te vin gen plis lespri toujou, li t'ap aji yon jan ki te fè ni Bondye ni lèzòm plezi.
And Jesus was increasing in wisdom and in years, and in grace before God and men.
και ιησους προεκοπτεν σοφια και ηλικια και χαριτι παρα θεω και ανθρωποις
- 1 ¶ Nan tan sa a, Seza Tibè te gen kenzan depi li te wa; Pons Pilat t'ap kòmande nan peyi Jide; Ewòd menm te chèf nan peyi Galile; Filip, frè Ewòd la, te chèf nan peyi Litoure ak nan rejyon Trakonit; Lizanyas te chèf nan Labilèn.
Now in the fifteenth year of the rule of Tiberius Caesar, Pontius Pilate being ruler of Judaea, and Herod being king of Galilee, his brother Philip king of the country of Ituraea and Trachonitis, and Lysanias king of Abilene,
εν ετει δε πεντεκαιδεκατω της ηγεμονιας τιβεριου καισαρος ηγεμονευοντος ποντιου πιλατου της ιουδαιας και τετραρχουντος της γαλιλαιας ηρωδου φιλιππου δε του αδελφου αυτου τετραρχουντος της ιτουραιας και τραχωνιτιδος χωρας και λυσανιου της αβιληνης τετραρχουντος
- 2 Lè sa a, se An ak Kayif ki t'ap sèvi tankou granprèt. Nan menm epòk sa a, Bondye pale ak Jan, pitit Zakari a, ki te nan dezè a.
When Annas and Caiaphas were high priests, the word of the Lord came to John, the son of Zacharias, in the waste land.
επ αρχιερεων αννα και καιαφα εγενετο ρημα θεου επι ιωαννην τον του ζαχαριου υιον εν τη ερημω
- 3 Jan mache nan tout peyi bò larivyè Jouden an; li t'ap bay mesaj sa a: Tounen vin jwenn Bondye. vin resevwa batèm: Bondye va padonnen peche nou yo.
And he came into all the country round about Jordan, preaching baptism as a sign of forgiveness of sin for those whose hearts were changed.
και ηλθεν εις πασαν την περιχωρον του ιορδανου κηρυσσων βαπτισμα μετανοιας εις αφεσιν αμαρτιων
- 4 Se konsa, sa ki te ekri nan Liv ki gen pawòl pwofèt Ezayi a vin rive vre: Se vwa yon nonm k'ap rele nan dezè a: Pare gran wout Seyè nou an. Planì chemen an byen plani pou li.
As it says in the book of the words of Isaiah the prophet, The voice of one crying in the waste land, Make ready the way of the Lord, make his roads straight.
ως γεγραπται εν βιβλω λογων ησαιου του προφητου λεγοντος φωνη βοωντος εν τη ερημω ετοιμασατε την οδον κυριου ευθειας ποιειτε τας τριβους αυτου
- 5 Tout fon gen pou konble. Tout gwo mòn, tout ti mòn gen pou vin plat. Kote ki gen detou gen pou vin dwat. Chemen ki an movèz eta gen pou vin bèl.
Every valley will be lifted up, and all the mountains and hills made low, and the twisted will be made straight, and the rough ways smooth;
πασα φαραγξ πληρωθησεται και παν ορος και βουνος ταπεινωθησεται και εσται τα σκολια εις ευθειαν και αι τραχειαι εις οδους λειας
- 6 Tout moun va wè jan Bondye ap delivre nou an.
And all flesh will see the salvation of God.
και οφεται πασα σαρξ το σωτηριον του θεου
- 7 Moun t'ap vin an foul bò kote Jan pou l' te batize yo. Lè konsa li di yo: Bann vèmen! Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kòlè Bondye k'ap vini an?
So he said to the people who went out to him for baptism: You offspring of snakes, at whose word are you going in flight from the wrath to come?
ελεγεν ουν τοις εκπορευομενοις οχλοις βαπτισθηναι υπ αυτου γεννηματα εχιδων τις υπεδειξεν υμιν φυγειν απο της μελλουσης οργης
- 8 Fè bagay ki pou fè wè nou chanje lavi nou tout bon. Sispann di nan kè nou: Se pitit pitit Abraram nou ye! Paske, mwen pa kache di nou sa: Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit pou Abraram.
Make clear by your acts that your hearts have been changed; and do not say to yourselves, We have Abraham for our father: for I say to you that God is able from these stones to make children of Abraham.
ποιησατε ουν καρπους αξιους της μετανοιας και μη αρζησθε λεγειν εν εαυτοις πατερα εχομεν τον αβρααμ λεγω γαρ υμιν οτι δυναται ο θεος εκ των λιθων τουτων εχειραι τεκνα τω αβρααμ
- 9 Epitou, rach la tou pare pou koupe rasin pyebwa yo. Nenpòt pyebwa ki pa bay bon donn, yo pral koupe sa, jete nan dife.
And even now the axe is put to the root of the trees; and every tree which does not have good fruit will be cut down and put into the fire.
ηδη δε και η αξινη προς την ριζαν των δενδρων κειται παν ουν δενδρον μη ποιουν καρπον καλον εκκοπτεται και εις πυρ βαλλεται
- 10 Foul moun yo mande l' konsa: Kisa pou nou fè menm?
And the people put questions to him, saying, What have we to do?
και επηρωτων αυτον οι οχλοι λεγοντες τι ουν ποιησομεν

- 11 Li reponn yo: Sa ki gen de rad, se pou yo bay sak pa genyen an yonn. Sa ki gen manje pou manje, se pou l' separe l' bay yon lòt.
And he made answer and said to them, He who has two coats, let him give to him who has not even one; and he who has food, let him do the same.
αποκριθεις δε λεγει αυτοις ο εχων δυο χιτωνας μεταδοτω τω μη εχοντι και ο εχων βρωματα ομοιως ποιειτω
- 12 Kèk pèseptè kontribisyon te vini tou pou l' te batize yo. Yo mande Jan: Mèt, kisa pou nou fè?
Then tax-farmers came to him for baptism and said to him, Master, what have we to do?
ηλθον δε και τελωναι βαπτισθηναι και ειπον προς αυτον διδασκαλε τι ποιησομεν
- 13 Li reponn yo: Pa fè moun peye plis pase sa lalwa mande a.
And he said to them, Do not make an attempt to get more money than the right amount.
ο δε ειπεν προς αυτους μηδεν πλεον παρα το διατεταγμενον υμιν πρασσετε
- 14 Kèk sòlda tou mande li: E nou menm, kisa pou nou fè? Li reponn yo: Pa fè brital ak pesonn. Pa fè manti sou pesonn pou pran lajan nan men yo. Fè kè nou kontan ak sa yo peye nou an.
And men of the army put questions to him, saying, And what have we to do? And he said to them, Do no violent acts to any man, and do not take anything without right, and let your payment be enough for you.
επηρωτων δε αυτον και στρατευομενοι λεγοντες και ημεις τι ποιησομεν και ειπεν προς αυτους μηδεν διασεισητε μηδε συκοφαντησητε και αρκεισθε τοις οφωνιοις υμων
- 15 ¶ Pèp la t'ap tann konsa: yo t'ap mande nan kè yo si se pa Jan ki Kris la.
And while the people were waiting, and all men were questioning in their hearts about John, if he was the Christ or not,
προσδοκωντος δε του λαου και διαλογιζομενων παντων εν ταις καρδιαις αυτων περι του ιωαννου μηποτε αυτος ειη ο χριστος
- 16 Lè sa a, Jan di yo tout: Mwen batize nou nan dlo. Men, gen yon moun ki gen pou vini ki gen plis pouvwa anpil pase mwen. Mwen menm, mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat ki nan pye li.
Se li menm ki va batize nou nan Sentespri ak nan dife.
John made answer, saying to them all, Truly, I give you baptism with water, but one is coming who is greater than I, whose shoes I am not good enough to undo: he will give you baptism with the Holy Spirit, and with fire:
απεκρινατο ο ιωαννης απασιν λεγων εγω μεν υδατι βαπτιζω υμας ερχεται δε ο ισχυροτερος μου ου ουκ ειμι ικανος λυσαι τον ιμαντα των υποδηματων αυτου αυτος υμας βαπτισει εν πνευματι αγιω και πυρι
- 17 Laye l' nan men li, l'ap vannen tout grenn ki sou glasi a. La ranmase grenn ki bon yo, la mete yo nan galata li. Men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm mouri.
In whose hand is the instrument with which he will make clean his grain; he will put the good grain in his store, but the waste will be burned in the fire which will never be put out.
ου το πτυον εν τη χειρι αυτου και διακαθαριει την αλωνα αυτου και συναξει τον σιτον εις την αποθηκην αυτου το δε αχυρον κατακαυσει πυρι ασβεστο
- 18 Se avèk anpil lòt pawòl konsa Jan t'ap ba yo konsèy, li t'ap anonse bon nouvèl la bay pèp la.
And so comforting them with these and other words, he gave the good news to the people;
πολλα μεν ουν και ετερα παρακαλων ευηγγελιζετο τον λαον
- 19 Men, Jan te fè chèf Ewòd repwòch poutèt Ewodyad, madanm frè li a, li te pran pou madanm li, ak pou anpil lòt move zak li te fè.
But Herod the king, because John had made a protest on account of Herodias, his brother's wife, and other evil things which Herod had done,
ο δε ηρωδης ο τετραρχης ελεγχομενος υπ αυτου περι ηρωδιαδος της γυναικος φιλιππου του αδελφου αυτου και περι παντων ων εποιησεν πονηρων ο ηρωδης
- 20 Le sa a, Ewòd mete ankò sou sa l' te fè deja: li fè fèmen Jan nan prizòn.
Did this most evil thing of all, and had John shut up in prison.
προσεθηκεν και τουτο επι πασιν και κατεκλεισεν τον ιωαννην εν τη φυλακη
- 21 ¶ Lè Jan te fin batize tout moun, li batize Jezi tou. Antan Jezi t'ap lapriyè, syèl la louvri.
Now it came about that when all the people had been given baptism, Jesus, having had baptism with them, was in prayer, when, the heaven being open,
εγενετο δε εν τω βαπτισθηναι απαντα τον λαον και ιησου βαπτισθεντος και προσευχομενου ανεωχθηναι τον ουρανον
- 22 Sentespri a desann sou li an fòm yon ti pijon. Yon vwa sot nan syèl la, li di: Ou se Pitit mwen renmen anpil la, ou fè kè m' kontan anpil.
The Holy Spirit came down in the form of a dove, and a voice came from heaven, saying, You are my dearly loved Son, with whom I am well pleased.
και καταβηναι το πνευμα το αγιον σωματικω ειδει ωσει περιστεραν επ αυτον και φωνην εξ ουρανου γενεσθαι λεγουσαν συ ει ο υιος μου ο αγαπητος εν σοι ηυδοκησα
- 23 Jezi te gen trantan konsa lè l' kòmanse travay li. Dapre sa yo te kwè, li te pitit Jozèf, Jozèf sa a te pitit Eli.
And Jesus at this time was about thirty years old, being the son (as it seemed) of Joseph, the son of Heli,
και αυτος ην ο ιησους ωσει ετων τριακοντα αρχομενος ων ως ενομιζετο υιος ιωσηφ του ηλι

- 24 Eli te pitit Matat, Matat te pitit Levi, Levi te pitit Mèlki, Mèlki te pitit Janayi, Janayi te pitit Jozèf.
The son of Matthat, the son of Levi, the son of Melchi, the son of Jannai, the son of Joseph,
του ματθατ του λευι του μελχι του ιαννα του ιωσηφ
- 25 Jozèf te pitit Matatyas, Matatyas te pitit Amòs, Amòs te pitit Nawoum, Nawoum te pitit Esli, Esli te pitit Nagayi.
The son of Mattathias, the son of Amos, the son of Nahum, the son of Esli, the son of Naggai,
του ματταθιου του αμωσ του ναουμ του εσλι του ναγγαι
- 26 Nagayi te pitit Maat, Maat te pitit Matatyas, Matatyas te pitit Semeyin, Semeyin te pitit Jozèk, Jozèk te pitit Joda.
The son of Maath, the son of Mattathias, the son of Semein, the son of Josech, the son of Joda,
του μααθ του ματταθιου του σεμει του ιωσηφ του ιουδα
- 27 Joda te pitit Joanan, Joanan te pitit Reza, Reza te pitit Zowobabèl, Zowobabèl te pitit Salasyèl, Salasyèl te pitit Neri.
The son of Joanan, the son of Rhesa, the son of Zerubbabel, the son of Shealtiel, the son of Neri,
του ιωαννα του ρησα του ζοροβαβελ του σαλαθιηλ του νηρι
- 28 Neri te pitit Mèlki, Mèlki te pitit Adi, Adi te pitit Kozam, Kozam te pitit Elmadam, Elmadam te pitit Er.
The son of Melchi, the son of Addi, the son of Cosam, the son of Elmadam, the son of Er,
του μελχι του αδδι του κωσαμ του ελμωδαμ του ηρ
- 29 Er te pitit Jezi, Jezi te pitit Elyezè, Elyezè te pitit Jorim, Jorim te pitit Matat, Matat te pitit Levi.
The son of Jesus, the son of Eliezer, the son of Jorim, the son of Matthat, the son of Levi,
του ιωση του ελιεζερ του ιωρειμ του ματθατ του λευι
- 30 Levi te pitit Simeyon, Simeyon te pitit Jida, Jida te pitit Jozèf, Jozèf te pitit Jonam, Jonam te pitit Elyakim.
The son of Symeon, the son of Judas, the son of Joseph, the son of Jonam, the son of Eliakim,
του σιμεων του ιουδα του ιωσηφ του ιωναν του ελιακειμ
- 31 Elyakim te pitit Melea, Melea te pitit Mena, Mena te pitit Matata, Matata te pitit Natan, Natan te pitit David.
The son of Melea, the son of Menna, the son of Mattatha, the son of Nathan, the son of David,
του μελεα του μαιναν του ματταθα του ναθαν του δαβιδ
- 32 David te pitit Izayi, Izayi te pitit Jobèd, Jobèd te pitit Booz, Booz te pitit Sala, Sala te pitit Naason.
The son of Jesse, the son of Obed, the son of Boaz, the son of Salmon, the son of Nahshon,
του ιεσσα του ωβηδ του βοοζ του σαλμων του ναασων
- 33 Naason te pitit Aminadab, Aminadab te pitit Admen, Admen te pitit Ani, Ani te pitit Eswòm, Eswòm te pitit Perèz, Perèz te pitit Jida.
The son of Amminadab, the son of Arni, the son of Hezron, the son of Perez, the son of Judah,
του αμιναδαβ του αραμ του εσρωμ του φαρες του ιουδα
- 34 Jida te pitit Jakòb, Jakòb te pitit Izarak, Izarak te pitit Abraram, Abraram te pitit Tara, Tara te pitit Nakò.
The son of Jacob, the son of Isaac, the son of Abraham, the son of Terah, the son of Nahor,
του ιακωβ του ισαακ του αβρααμ του θαρα του ναχωρ
- 35 Nakò te pitit Sewouk, Sewouk te pitit Rago, Rago te pitit Falèk, Falèk te pitit Ebè, Ebè te pitit Sala.
The son of Serug, the son of Reu, the son of Peleg, the son of Eber, the son of Shelah,
του σαρουχ του ραγαν του φαλεκ του εβερ του σαλα
- 36 Sala te pitit Kayinam, Kayinam te pitit Afaksad, Afaksad te pitit Sèm, Sèm te pitit Noe, Noe te pitit Lamèk.
The son of Cainan, the son of Arphaxad, the son of Shem, the son of Noah, the son of Lamech,
του καιναν του αρφαζαδ του σημ του νωε του λαμεχ
- 37 Lamèk te pitit Matizala, Matizala te pitit Enòk, Enòk te pitit Jarèd, Jarèd te pitit Maleleyèl, Maleleyèl te pitit Kaynan.
The son of Methuselah, the son of Enoch, the son of Jared, the son of Mahalaleel, the son of Cainan,
του μαθουσαλα του ενωχ του ιαρεδ του μαλελεηλ του καιναν

- 38 Kaynan te pitit Enòs, Enòs te pitit Sèt, Sèt te pitit Adan, epi Adan te pitit Bondye.
The son of Enos, the son of Seth, the son of Adam, the son of God.
του ενως του σηθ του αδαμ του θεου
- 1 ¶ Jezi tounen soti bò larivyè Jouden an; li te anba pouwva Sentespri. Se konsa Lespri Bondye a mennan l' nan dezè a.
And Jesus, full of the Holy Spirit, came back from the Jordan, and was guided by the Spirit in the waste land
ιησους δε πνευματος αγιου πληρης υπεστρεψεν απο του ιορδανου και ηγετο εν τω πνευματι εις την ερημον
- 2 Se la Satan vin tante l' pandan karant jou. Tout jou sa yo li pa t' manje anyen menm. Apre jou sa yo fin pase, li te grangou.
For forty days, being tested by the Evil One. And he had no food in those days; and when they came to an end, he was in need of food.
ημερας τεσσαρακοντα πειραζομενος υπο του διαβολου και ουκ εφαγεν ουδεν εν ταις ημεραις εκειναις και συντελεσθεισων αυτων υστερον επειασεν
- 3 Satan di l' konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa a lòd pou l' tounen pen.
And the Evil One said to him, If you are the Son of God, give orders to this stone to become bread.
και ειπεν αυτω ο διαβολος ει υιος ει του θεου ειπε τω λιθω τουτω ινα γενηται αρτος
- 4 Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa ka viv ak pen sèlman.
And Jesus made answer to him, It has been said in the Writings, Bread is not man's only need.
και απεκριθη ιησους προς αυτον λεγων γεγραπται οτι ουκ επ αρτω μονω ζησεται ο ανθρωπος αλλ επι παντι ρηματι θεου
- 5 Satan mennan l' yon kote ki wo. Yon sèl kou, li moutre l' tout peyi ki sou latè.
And he took him up and let him see all the kingdoms of the earth in a minute of time.
και αναγαγων αυτον ο διαβολος εις ορος υψηλον εδειξεν αυτω πασας τας βασιλειας της οικουμενης εν στιγμή χρονου
- 6 Li di Jezi konsa: M'ap ba ou tout pouwva ak tout richès peyi sa yo. Yo renmèt tout bagay sa yo nan men mwen, mwen ka bay moun mwen vle yo.
And the Evil One said, I will give you authority over all these, and the glory of them, for it has been given to me, and I give it to anyone at my pleasure.
και ειπεν αυτω ο διαβολος σοι δωσω την εξουσιαν ταυτην απασαν και την δοξαν αυτων οτι εμοι παραδεδοτα και ω εαν θελω διδομι αυτην
- 7 Si ou mete ajenou devan m', tout bagay sa yo pou ou.
If then you will give worship to me, it will all be yours.
συ ουν εαν προσκυνησης ενωπιον μου εσται σου παντα
- 8 Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore. Se li menm ase pou ou sèvi.
And Jesus in answer said to him, It has been said in the Writings, Give worship to the Lord your God, and be his servant only.
και αποκριθεις αυτω ειπεν ο ιησους υπαγε οπισω μου σατανα γεγραπται γαρ προσκυνησεις κυριον τον θεον σου και αυτω μονω λατρευσεις
- 9 Apre sa, Satan mennan l' lavil Jerizalèm, li mete l' kanpe sou pwent fetay tanp lan; li di Jezi konsa: Si ou se Pitit Bondye, rete isit la lage kò ou anba.
And he took him to Jerusalem and put him on the highest point of the Temple and said to him, If you are the Son of God, let yourself go down from here; for it is said in the Writings,
και ηγαγεν αυτον εις ιερουσαλημ και εστησεν αυτον επι το πτερυγιον του ιερου και ειπεν αυτω ει ο υιος ει του θεου βάλε σεαυτον εντευθεν κατω
- 10 Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou.
He will give his angels orders to take care of you:
γεγραπται γαρ οτι τοις αγγελοις αυτου εντελειται περι σου του διαφυλαξαι σε
- 11 Y'a pote ou nan men yo pou ou pa kase pye ou sou ankenn wòch.
And, In their hands they will keep you up, so that your foot may not be crushed against a stone.
και οτι επι χειρων αρουσιν σε μηποτε προσκοψης προς λιθον τον ποδα σου
- 12 Jezi reponn li: Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou.
And Jesus made answer and said to him, It is said in the Writings, You may not put the Lord your God to the test.
και αποκριθεις ειπεν αυτω ο ιησους οτι ειρηται ουκ εκπειρασεις κυριον τον θεον σου
- 13 Apre Satan fin sonde Jezi tout jan sa yo, li kite l' jouk la jwenn yon lòt okasyon.
And when all these tests were ended the Evil One went away from him for a time.
και συντελεσας παντα πειρασμον ο διαβολος απεστη απ αυτου αχρι καιρου

- 14 ¶ Jezi te anba pouvwa Sentespri Bondye a; li tounen, li ale nan peyi Galile. Nan tout peyi a se tout moun ki t'ap nonmen non li.
And Jesus came back to Galilee in the power of the Spirit, and the news of him went through all the country round about.
και υπεστρεψεν ο ιησους εν τη δυναμει του πνευματος εις την γαλιλαιαν και φημη εξηλθεν καθ ολης της περιχωρου περι αυτου
- 15 Li t'ap moutre moun yo anpil bagay nan sinagòg yo. Tout moun t'ap fè lwanj li.
And he was teaching in their Synagogues and all men gave him praise.
και αυτος εδιδασκεν εν ταις συναγωγαις αυτων δοξαζομενος υπο παντων
- 16 Jezi ale lavil Nazaret kote l' te grandi a. Jou repo a, li antre nan sinagòg la tankou l' te toujou konn fè. Li leve kanpe pou l' li pou yo.
And he came to Nazareth, where he had been as a child, and he went, as his way was, into the Synagogue on the Sabbath, and got up to give a reading.
και ηλθεν εις την ναζαρετ ου ην τεθραμμενος και εισηλθεν κατα το ειωθος αυτω εν τη ημερα των σαββατων εις την συναγωγην και ανεστη αναγωναι
- 17 Yo renmèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li louvri l', li jwenn kote ki te ekri:
And the book of the prophet Isaiah was given to him and, opening the book, he came on the place where it is said,
και επεδοθη αυτω βιβλιον ησαιου του προφητου και αναπτυξας το βιβλιον ευρεν τον τοπον ου ην γεγραμμενον
- 18 Lespri Bondye a sou mwen. Li chwazi m' pou m' anonse bon nouvèl la bay pòn yo. Li voye m' pou m' fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou m' fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m' delivre moun y'ap maltrete yo,
The Spirit of the Lord is on me, because I am marked out by him to give good news to the poor; he has sent me to make well those who are broken-hearted; to say that the prisoners will be let go, and the blind will see, and to make the wounded free from their chains,
πνευμα κυριου επ εμε ου ενεκεν εχρισεν με ευαγγελιζεσθαι πτωχοις απεσταλκεν με ιασασθαι τους συντετριμμενους την καρδιαν κηρυξαι αιχμαλωτοις αφεσιν και τυφλοις αναβλεψιν αποστειλαι τεθρα υσμενους εν αφεσει
- 19 pou m' fè yo konnen lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a.
To give knowledge that the year of the Lord's good pleasure is come.
κηρυξαι ενιαυτον κυριου δεκτον
- 20 Apre sa, Jezi fèmen Liv la, li renmèt li bay moun ki t'ap ede nan sèvis la. li al chita. Tout moun ki te nan sinagòg la te gen je yo fikse sou li.
And shutting the book he gave it back to the servant and took his seat: and the eyes of all in the Synagogue were fixed on him.
και πτυξας το βιβλιον αποδους τω υπηρετη εκαθισεν και παντων εν τη συναγωγη οι οφθαλμοι ησαν ατενιζοντες αυτω
- 21 Lè sa a li kòmanse di yo: Jòdi a, pandan n'ap tande pawòl ki ekri la a, li rive vre.
Then he said to them, Today this word has come true in your hearing.
ηρξατο δε λεγειν προς αυτους οτι σημερον πεπληρωται η γραφη αυτη εν τοις υσιν υμων
- 22 Tout moun t'ap pale byen pou li. Yo te sezi tande bèl pawòl ki t'ap soti nan bouch li. Yo t'ap di konsa: Se pa pitit Jozèf la sa?
And they were all giving witness, with wonder, to the words of grace which came from his mouth: and they said, Is not this the son of Joseph?
και παντες εμαρτυρουν αυτω και εθαυμαζον επι τοις λογοις της χαριτος τοις εκπορευομενοις εκ του στοματος αυτου και ελεγον ουχ ουτος εστιν ο υιος ιωσηφ
- 23 Jezi di yo: Koulye a, nou pral di pwovèb sa a sou mwen: Dòktè, geri tèt ou. N'a di m' tou: Nou tande tou sa ou te fè lavil Kapènawòm; fè yo isit la tou, nan peyi pa ou la.
And he said to them, Without doubt you will say to me, Let the medical man make himself well: the things which to our knowledge were done at Capernaum, do them here in your country.
και ειπεν προς αυτους παντως ερειτε μοι την παραβολην ταυτην ιατρε θεραπευσον σεαυτον οσα ηκουσαμεν γενομενα εν τη καπερναουμ ποιησον και ωδε εν τη πατριδι σου
- 24 Epi li di yo ankò: Men, sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yo pa janm resewva yon pwofèt byen nan pwòp peyi li.
And he said to them, Truly I say to you, No prophet is honoured in his country.
ειπεν δε αμην λεγω υμιν οτι ουδεις προφητης δεκτος εστιν εν τη πατριδι αυτου
- 25 Se vre wi: Sou tan Eli, yon lè lapli pa t' tonbe pandan twazan sis mwa, tout peyi a te nan grangou. Lè sa a, te gen anpil vènan nan peyi Izrayèl la.
Truly I say to you, There were a number of widows in Israel in the days of Elijah, when the heaven was shut up for three years and six months and there was no food in the land;
επ αληθειας δε λεγω υμιν πολλαι χηραι ησαν εν ταις ημεραις ηλιου εν τω ισραηλ οτε εκλεισθη ο ουρανος επι ετη τρια και μηνας εξ ως εγενετο λιμος μεγας επι πασαν την γην
- 26 Men, Bondye pa t' voye Eli lakay yo yonn menm; se lakay yon vènan ki te rete lavil Sarepta nan peyi Sidon li te voye li.
But Elijah was not sent to one of them, but only to Zarephath, in the land of Sidon, to a woman who was a widow.
και προς ουδεμιαν αυτων επεμφθη ηλιας ει μη εις σαρεπτα της σιδωνος προς γυναικα χηραν

- 27 Konsa tou, sou tan pwofèt Elize, te gen anpil moun ki te malad ak lalèp nan pèp Izrayèl la. Men, yo yonn pa t' jwenn gerizon. Se Naaman sèlman, nonm peyi Siri a, ki te geri.
And there were a number of lepers in Israel in the time of Elisha the prophet, and not one of them was made clean, but only Naaman the Syrian.
 και πολλοι λεπροι ησαν επι ελισσαιου του προφητου εν τω ισραηλ και ουδεις αυτων εκαθαρισθη ει μη νεεμαν ο συρος
- 28 Tout moun nan sinagòg la te byen ankòlè lè yo tande pawòl sa yo.
And all who were in the Synagogue were very angry when these things were said to them.
 και επλησθησαν παντες θυμου εν τη συναγωγη ακουοντες ταυτα
- 29 Yo leve, yo trennen l' andeyò lavil la; yo mennen l' sou tèt ti mòn kote lavil la te bati a, yo t'ap pare pou yo te jete l' anba nan falèz la.
And they got up and took him out of the town to the edge of the mountain on which their town was, so that they might send him down to his death.
 και ανασταντες εξεβαλον αυτον εξω της πολεως και ηγαγον αυτον εως της οφρους του ορους εφ ου η πολις αυτων ωκοδομητο εις το κατακρημνισαι αυτον
- 30 Men, Jezi pase nan mitan yo, li chape kò li.
But he came through them and went on his way.
 αυτος δε διελθων δια μεσου αυτων επορευετο
- 31 ¶ Apre sa, Jezi desann Kapènawòm, yon vil nan peyi Galile. Jou repo a, li t'ap moutre moun yo anpil bagay.
And he came down to Capernaum, a town of Galilee; and he was giving them teaching on the Sabbath.
 και καταηλθεν εις καπερναουμ πολιν της γαλιλαιας και ην διδασκων αυτους εν τοις σαββασιν
- 32 Yo te sezi tande sa l' t'ap moutre yo, paske li t'ap pale tankou moun ki gen dwa di sa l'ap di a.
And they were surprised at his teaching, for his word was with authority.
 και εξεπλησσοντο επι τη διδαχη αυτου οτι εν εξουσια ην ο λογος αυτου
- 33 Te gen yon nonm nan sinagòg la ki te gen yon move lespri sou li. Li pran rele byen fò:
And there was a man in the Synagogue who had an unclean spirit; and he gave a loud cry and said,
 και εν τη συναγωγη ην ανθρωπος εχων πνευμα δαιμονιου ακαθαρτου και ανεκραξεν φωνη μεγαλη
- 34 Ey, kisa nou gen avè ou, Jezi, nonm Nazarèt? Ou vin isit la pou detwi nou? Mwen konnen byen ki moun ou ye; ou se moun Bondye chwazi a.
Let us be! what have we to do with you, Jesus of Nazareth? have you come to put an end to us? I have knowledge who you are, the Holy One of God.
 λεγων εα τι ημιν και σοι ιησου ναζαρινη ηλθες απολεσαι ημας οйда σε τις ει ο αγιος του θεου
- 35 Jezi pale byen fò ak move lespri a, li di li: Pe la! Soti sou nonm lan. Move lespri a jete nonm lan atè nan mitan tout moun yo epi li soti, li ale san l' pa fè l' ankenn mal.
And Jesus said to him, Be quiet, and come out of him. And when the evil spirit had put him down on the earth in the middle of them, he came out of him, having done him no damage.
 και επετιμησεν αυτω ο ιησους λεγων φιμωθητι και εξελθε εξ αυτου και ριψαν αυτον το δαιμονιον εις το μεσον εξηλθεν απ αυτου μηδεν βλαψαν αυτον
- 36 Tout moun te sezi, yonn t'ap di lòt: Ki pawòl sa a ye menm? Avèk otorite ak pouwva li pase move lespri yo lòd sevè epi yo soti, y' ale.
And wonder came on them all and they said to one another, What are these words? for with authority and power he gives orders to the evil spirits and they come out.
 και εγενετο θαμβος επι παντας και συνελαλουν προς αλληλους λεγοντες τις ο λογος ουτος οτι εν εξουσια και δυναμει επιτασσει τοις ακαθαροις πνευμασιν και εξερχονται
- 37 Se tout moun ki t'ap nonmen non l' nan tout peyi a.
And there was much talk about him in all the places round about.
 και εξεπορευετο ηχος περι αυτου εις παντα τοπον της περιχωρου
- 38 Jezi soti, li kite sinagòg la, li ale lakay Simon. Bèlmè Simon an te gen yon gwo lafyèb cho sou li. Yo mande Jezi pou l' fè kichòy pou li.
And he got up and went out of the Synagogue and went into the house of Simon. And Simon's wife's mother was very ill with a burning heat; and in answer to their prayers for her
 αναστας δε εκ της συναγωγης εισηλθεν εις την οικιαν σιμωνος η πενθερα δε του σιμωνος ην συνεχομενη πυρετω μεγαλω και ηρωτησαν αυτον περι αυτης
- 39 Li panche sou malad la, li pase lafyèb la yon lòd. Lamenm, lafyèb la kite li. Menm lè a, madanm lan leve, li resewva yo.
He went near her, and with a sharp word he gave orders to the disease and it went away from her; and straight away she got up and took care of their needs.
 και επιστας επανω αυτης επετιμησεν τω πυρετω και αφηκεν αυτην παραχρημα δε αναστασα διηκονει αυτοις
- 40 Apre solèy te fin kouche, yo mennen tout moun malad ak tout moun ki t'ap soufri divès maladi bay Jezi. Li mete men l' sou tèt yo tout, li geri yo.
And at sundown all those who had anyone ill with any sort of disease, took them to him, and he put his hands on every one of them and made them well.
 δυνοντος δε του ηλιου παντες οσοι ειχον ασθενουντας νοσους ποικιλαις ηγαγον αυτους προς αυτον ο δε ενι εκαστω αυτων τας χειρας επιθεις εθεραπευσεν αυτους

- 41 Anpil move lespri tou te soti sou plizyè moun malad. Yo t'ap plede rele: Ou se pitit Bondye a. Men, Jezi te pale sevè ak yo, li pa t' kite yo pale paske yo te konnen se Kris la li ye.
And evil spirits came out of a number of them, crying out and saying, You are the Son of God. But he gave them sharp orders not to say a word, because they had knowledge that he was the Christ.
εξηργετο δε και δαιμονια απο πολλων κραζοντα και λεγοντα οτι συ ει ο χριστος ο υιος του θεου και επιτιμων ουκ εια αυτα λαλειν οτι ηδειςαν τον χριστον αυτον ειναι
- 42 Kou l' fè jou, Jezi soti, li ale yon kote ki pa gen moun. Yon foul moun t'ap chache li. Konsa, yo rive jouk kote li te ye a. Yo te vle kenbe l' pou l' pa t' kite yo.
And when it was day, he came out and went to a waste place; and great numbers of people came looking for him, and they came to him and would have kept him from going away.
γενομενης δε ημερας εξελθων επορευθη εις ερημον τοπον και οι οχλοι εξητουν αυτον και ηλθον εως αυτου και κατειχον αυτον του μη πορευεσθαι απ αυτων
- 43 Men li di yo: Fòk m' anonse bon nouvèl gouvènman Bondye ki Wa a bay moun lòt lavil yo tou, paske se pou sa Bondye voye mwen.
But he said to them, I have to give the good news of the kingdom of God in other towns, because that is why I was sent.
ο δε ειπεν προς αυτους οτι και ταις ετεραις πολεσιν ευαγγελισασθαι με δει την βασιλειαν του θεου οτι εις τουτο απεσταλμαι
- 44 Se konsa, li t'ap mache bay mesaj la nan sinagòg Jide yo.
And he was teaching in the Synagogues of Galilee.
και ην κηρυσσων εν ταις συναγωγαις της γαλιλαιας
- 1 ¶ Yon jou, Jezi te bò kote letan Jenezarèt la; yon foul moun t'ap kwense l' toupatou pou tande pawòl Bondye a.
Now it came about that while the people came pushing to be near him, and to have knowledge of the word of God, he was by a wide stretch of water named Gennesaret;
εγενετο δε εν τω τον οχλον επικεισθαι αυτω του ακουειν τον λογον του θεου και αυτος ην εστως παρα την λιμνην γεννησαρετ
- 2 Li wè de kannòt bò rivaj la; pechè yo te desann atè, yo t'ap lave senn yo.
And he saw two boats by the edge of the water, but the fishermen had gone out of them and were washing their nets.
και ειδεν δυο πλοια εστοτα παρα την λιμνην οι δε αλιεις αποβαντες απ αυτων απεπλυναν τα δικτυα
- 3 Jezi moute nan yonn nan kannòt yo ki te pou Simon. Li mande l' pou l' vanse yon ti kras nan fon. Antan Jezi chita nan kannòt la, li t'ap moutre moun yo anpil bagay.
And he got into one of the boats, the property of Simon, and made a request to him to go a little way out from the land. And being seated he gave the people teaching from the boat.
εμβας δε εις εν των πλοιων ο ην του σιμωνος ηρωτησεν αυτον απο της γης επαναγαγειν ολιγον και καθισας εδιδασκεν εκ του πλοιου τους οχλους
- 4 Lè li fin pale, li di Simon konsa: Vanse kannòt la plis nan fon; jete senn ou pou peche.
And when his talk was ended, he said to Simon, Go out into deep water, and let down your nets for fish.
ως δε επουσατο λαλων ειπεν προς τον σιμωνα επαναγαγε εις το βαθος και χαλασατε τα δικτυα υμων εις αγραν
- 5 Simon reponn li: Mèt, nou pase tout nwit lan ap travay san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage senn lan.
And Simon, answering, said, Master, we were working all night and we took nothing: but at your word I will let down the nets.
και αποκριθεις ο σιμων ειπεν αυτω επιστατα δι ολης της νυκτος κοπιασαντες ουδεν ελαβομεν επι δε τω ρηματι σου χαλασω το δικτυον
- 6 Yo lage senn lan; yo pran yon kantite pwason. Tèlman pwason yo te anpil, senn lan t'ap chire.
And when they had done this, they got such a great number of fish that it seemed as if their nets would be broken;
και τουτο ποιησαντες συνεκλεισαν ιχθυων πληθος πολυ διερρηγγυτο δε το δικτυον αυτων
- 7 Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy vin ede yo. Yo vini; de kannòt yo te sitèlman plen pwason, yo te prèt pou koule.
And they made signs to their friends in the other boat to come to their help. And they came, and the two boats were so full that they were going down.
και κατενευσαν τοις μετοχοις τοις εν τω ετερω πλοιω του ελθοντας συλλαβεσθαι αυτοις και ηλθον και επλησαν αμφοτερα τα πλοια οστε βυθιζεσθαι αυτα
- 8 Lè Simon Pyè wè sa, li lage kò l' nan pye Jezi, li di l' konsa: Mèt, pa rete kote mwen, paske mwen pa bon.
But Simon, when he saw it, went down at the knees of Jesus and said, Go away from me, O Lord, for I am a sinner.
ιδων δε σιμων πετρος προσεπεσεν τοις γονασιν του ιησου λεγων εξελθε απ εμου οτι ανηρ αμαρτωλος εμι κυριε
- 9 Yon sèl sezisman te pran Simon ak tout mesye ki te avèk li yo lè yo wè kantite pwason yo te pran.
For he was full of wonder and so were all those who were with him, at the number of fish which they had taken;
θαμβος γαρ περιεσχεν αυτον και παντας τους συν αυτω επι τη αγρα των ιχθυων η συνελαβον
- 10 Se te menm bagay la tou pou Jak ak Jan, de pitit Zebede yo, ki te asosye Simon. Lè sa a Jezi di Simon: Pa pè. Depi koulye a se moun ou pral peche.
And so were James and John, the sons of Zebedee, who were working with Simon. And Jesus said to Simon, Have no fear; from this time forward you will be a fisher of men.
ομοιως δε και ιακωβον και ιωαννην υιους ζεβεδαιου οι ησαν κοινωνοι τω σιμωνι και ειπεν προς τον σιμωνα ο ιησους μη φοβου απο του νυν ανθρωπους εση ζωηρων

- 11 Yo mennen kannòt yo atè, yo kite tout bagay, y' ale avèk Jezi.
And when they had got their boats to the land, they gave up everything and went after him.
και καταγαγοντες τα πλοια επι την γην αφεντες απαντα ηκολουθησαν αυτω
- 12 ¶ Pandan Jezi te nan yon lavil, yon nonm ki te kouvri ak lalèp vin rive. Lè l' wè Jezi, li lage kò l' fas atè, li di l' konsa: Mèt, si ou vle, ou ka geri mwen.
And it came about that while he was in one of the towns, there was a leper there: and when he saw Jesus he went down on his face in prayer to him, saying, Lord, if it is your pleasure, you have power to make me clean.
και εγενετο εν τω ειναι αυτον εν μια των πολεων και ιδου ανηρ πληρης λεπρας και ιδων τον ιησουν πεσων επι προσωπον εδεθη αυτου λεγων κυριε εαν θελης δυνασαι με καθαρισαι
- 13 Jezi lonje men l', li manyen nonm lan, li di l': Wi, mwen vle ou geri. Menm lè a, lalèp la kite li.
And he put out his hand to him and said, It is my pleasure; be clean. And straight away his disease went from him.
και εκτεινας την χειρα ηψατο αυτου ειπον θελω καθαρισθητι και ευθεως η λεπρα απηλθεν απ αυτου
- 14 Jezi pase l' lòd sevè sa a: Pa di pesonn sa. Men, ale fè prèt la wè ki jan ou ye. Apre sa, wa ofri sa Moyiz te bay lòd ofri a. Konsa wa bay tout moun prèv ou geri.
And he gave him orders: Say nothing to any man, but let the priest see you and give an offering so that you may be made clean, as the law of Moses says, and for a witness to them.
και αυτος παρηγγειλεν αυτω μηδενι ειπειν αλλα απελθων δειξον σεαυτον τω ιερει και προσενεγκε περι του καθαρισμου σου καθως προσεταξεν μωσης εις μαρτυριον αυτοις
- 15 Malgre sa, nouvèl la gaye pi plis; moun t'ap vin an foul pou tande li, pou chache gerizon nan men li.
But news of him went out all the more, in every direction, and great numbers of people came together to give hearing to his words and to be made well from their diseases.
διηρχετο δε μαλλον ο λογος περι αυτου και συνηρχοντο οχλοι πολλοι ακουειν και θεραπευεσθαι υπ αυτου απο των ασθενειων αυτων
- 16 Men, Jezi wete kò l', li al yon kote ki pa gen moun menm, li t'ap lapriyè.
But he went away by himself to a waste place for prayer.
αυτος δε ην υποχωρων εν ταις ερημοις και προσευχομενος
- 17 ¶ Yon jou, Jezi t'ap moutre moun yo anpil bagay. Kèk farizyen ak kèk dirèktè lalwa te chita la; yo te soti nan tout bouk Galile yo, nan bouk Jide yo ak nan lavil Jerizalèm. Pouvwa Bondye te avèk Jezi, li t'ap geri malad yo.
And it came about that on one of these days he was teaching; and some Pharisees and teachers of the law were seated there, who had come from every town of Galilee and Judaea and from Jerusalem; and the power of the Lord was with him, to make those who were ill free from their diseases.
και εγενετο εν μια των ημερων και αυτος ην διδασκων και ησαν καθημενοι φαρισαιοι και νομοδιδασκαλοι οι ησαν ελληλυθοτες εκ πασης κωμης της γαλιλαιας και ιουδαιας και ιερουσαλημ και δυναμις κυριου ην εις το ιασθαι αυτους
- 18 Se konsa, kèk moun vin ap pote yon nonm paralize kouche sou yon kabann. Yo t'ap chache fè l' antre nan kay la pou mete l' devan Jezi.
And some men had with them, on a bed, a man who was ill, without power of moving; and they made attempts to get him in and put him before Jesus.
και ιδου ανδρες φεροντες επι κλινης ανθρωπον ος ην παραλελυμενος και εξητουν αυτον εισενεγκειν και θειναι ενωπιον αυτου
- 19 Men, akòz foul moun yo, yo pa t' jwenn plas pou fè l' antre. Lè yo wè sa, yo moute sou do kay la, yo fè yon twou nan kouvèti kay la ki te fèt an brik, yo file malad la desann ak tout kabann li, nan mitan moun yo, dwat devan Jezi.
And because of the mass of people, there was no way to get him in; so they went up on the top of the house and let him down through the roof, on his bed, into the middle in front of Jesus.
και μη ευροντες δια ποιας εισενεγκωσιν αυτον δια τον οχλον αναβαντες επι το δωμα δια των κεραμων καθηκαν αυτον συν τω κλινιδιω εις το μεσον εμπροσθεν του ιησου
- 20 Jezi wè jan yo te kwè nan li, li di nonm malad la: Monchè, tout peche ou yo padonnen.
And seeing their faith he said, Man, you have forgiveness for your sins.
και ιδων την πιστιν αυτων ειπεν αυτω ανθρωπε αφεωνται σοι αι αμαρτια σου
- 21 Dirèktè lalwa ak farizyen yo t'ap di nan kè yo: Kilès nonm sa a k'ap pale mal sou Bondye konsa? Pa gen moun sou latè ki ka padonnen peche: sa se travay Bondye sèlman.
And the scribes and Pharisees were having an argument, saying, Who is this, who has no respect for God? who is able to give forgiveness for sins, but God only?
και ηρξαντο διαλογιζεσθαι οι γραμματεις και οι φαρισαιοι λεγοντες τις εστιν ουτος ος λαλει βλασφημιας τις δυναται αφιεναι αμαρτιας ει μη μονος ο θεος
- 22 Jezi menm te konnen sak t'ap pase nan tèt yo, li di yo konsa: Poukisa n'ap fè lide konsa nan tèt nou?
But Jesus, who had knowledge of their thoughts, said to them, Why are you reasoning in your hearts?
επιγνους δε ο ιησους τους διαλογισμους αυτων αποκριθεις ειπεν προς αυτους τι διαλογιζεσθε εν ταις καρδιαις υμων
- 23 Ki sak pi fasil pou m' di: Peche ou yo padonnen osinon: Leve kanpe, mache.
Which is the simpler: to say, You have forgiveness for your sins; or to say, Get up and go?
τι εστιν ευκοπωτερον ειπειν αφεωνται σοι αι αμαρτια σου η ειπειν εγειραι και περιπατει

- 24 Enben, m'ap fè nou konnen mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pouvwa sou latè pou m' padonnen peche tande. Apre sa, Jezi di nonm paralyze a: Se mwen menm k'ap pale avè ou: Leve kanpe, pran kabann ou, ale lakay ou.
But so that you may see that on earth the Son of man has authority for the forgiveness of sins, (he said to the man who was ill,) I say to you, Get up, and take up your bed, and go into your house.
 ινα δε ειδητε οτι εξουσιαν εχει ο υιος του ανθρωπου επι της γης αφιεναι αμαρτιας ειπεν τω παραλελυμενω σοι λεγω εγειραι και αρας το κλινιδιον σου πορευου εις τον οικον σου
- 25 Menm lè a, nonm lan kanpe devan yo tout, li pran kabann li te kouche sou li a, li al lakay li, li t'ap fè lwanj Bondye.
And straight away he got up before them, and took up his bed and went away to his house giving praise to God.
 και παραχρημα αναστας ενωπιον αυτων αρας εφ ω κατεκειτο απηλθεν εις τον οικον αυτου δοξαζων τον θεον
- 26 Tout moun te sezi. Yo t'ap fè lwanj Bondye. Yo te pè anpil tou, yo t'ap di: Ala bèl mènèy nou wè jòdi a!
And wonder overcame them all, and they gave glory to God; and they were full of fear, saying, We have seen strange things today.
 και εκστασις ελαβεν απαντας και εδοξαζον τον θεον και επιλησθησαν φοβου λεγοντες οτι ειδομεν παραδοξα σημερον
- 27 ¶ Apre sa, Jezi soti, li wè yon pèseptè kontribisyon yo te rele Levi. Li te chita devan biwo travay li.
And after these things he went out, and saw Levi, a tax-farmer, seated at the place where taxes were taken, and said to him, Come after me.
 και μετα ταυτα εξηλθεν και εθεασατο τελωνη ονοματι λευιν καθημενον επι το τελωνιον και ειπεν αυτω ακολουθει μοι
- 28 Jezi di l' konsa: Swiv mwen. Levi annik leve, li kite tout bagay, li swiv Jezi.
And giving up his business, he got up and went after him.
 και καταλιπων απαντα αναστας ηκολουθησεν αυτω
- 29 Apre sa, Levi fè yon gwo resepsyon lakay li pou Jezi. Te gen anpil pèseptè kontribisyon ansanm ak lòt moun ankò ki te chita bò tab la avèk yo.
And Levi made a great feast for him in his house: and a great number of tax-farmers and others were seated at table with them.
 και εποιησεν δοχην μεγαλην ο λευις αυτω εν τη οικια αυτου και ην οχλος τελωνων πολυς και αλλων οι ησαν μετ αυτων κατακειμενοι
- 30 Farizyen yo ak dirèktè lalwa ki te fè gwoup ak yo t'ap babye, yo di disip Jezi yo: Poukisa n'ap plede manje, n'ap plede bwè konsa ak pèseptè kontribisyon ansanm ak lòt moun k'ap fè sa ki mal?
And the Pharisees and their scribes made protests against his disciples, saying, Why do you take food and drink with tax-farmers and sinners?
 και εγογγυζον οι γραμματεις αυτων και οι φαρισαιοι προς τους μαθητας αυτου λεγοντες διατι μετα τελωνων και αμαρτωλων εσθiete και πινετε
- 31 Jezi reponn yo: Lè yon moun ansante, li pa bezwen dòktè. Se moun malad ki bezwen dòktè.
And Jesus, answering, said to them, Those who are well have no need of a medical man, but those who are ill.
 και αποκριθεις ο ιησους ειπεν προς αυτους ου χρειαν εχουσιν οι υγαινοντες ιατρου αλλ οι κακως εχοντες
- 32 Enben, mwen pa vin rele moun k'ap mache dwat devan Bondye, men moun k'ap fè sa ki mal pou yo kapab tounen vin jwenn Bondye.
I have come, not to get the upright, but sinners, so that they may be turned from their sins.
 ουκ εληλυθα καλεσαι δικαιους αλλα αμαρτωλους εις μετανοιαν
- 33 Gen kèk moun ki di Jezi konsa: Patizan Jan Batis yo ak patizan farizyen yo fè jèn souvan, se tout tan y'ap lapriyè. Men disip pa ou yo, tout tan se manje, se bwè.
And they said to him, The disciples of John frequently go without food, and make prayers, and so do the disciples of the Pharisees; but your disciples take food and drink.
 οι δε ειπον προς αυτον διατι οι μαθηται ιωαννου νηστεουσιν πυκνα και δεησεις ποιουνται ομοιως και οι των φαρισαιων οι δε σοι εσθιουσιν και πινουσιν
- 34 Jezi reponn yo: Eske nou ka fòse zanmi yon nonm k'ap marye pou yo rete san manje tout tan li la avèk yo?
And Jesus said, Are you able to make the friends of the newly-married man go without food when he is with them?
 ο δε ειπεν προς αυτους μη δυνασθε τους υιους του νυμφωνος εν ω ο νυμφιος μετ αυτων εστιν ποιησαι νηστευειν
- 35 Non. Men, lè lè a rive pou nonm k'ap marye a pa avèk yo ankò, se lè sa a y'a fè jèn.
But the days will come when he will be taken away from them, and then they will go without food.
 ελευσονται δε ημεραι και οταν απαρθη απ αυτων ο νυμφιος τοτε νηστεουσιν εν εκειναις ταις ημεραις
- 36 Epi li di yo parabol sa a: Pesonn p'ap chire yon moso nan yon rad nèf pou pyese yon vye rad. Si ou fè sa, ou chire rad nèf la, lèfini moso twal nèf la pa ale ak vye rad la non plis.
And he said to them, in a story, No man takes a bit of cloth from a new coat and puts it on to an old coat, for so the new coat would be damaged and the bit from the new would not go well with the old.
 ελεγεν δε και παραβολην προς αυτους οτι ουδεις επιβλημα ιματιου καινου επιβαλλει επι ιματιον παλαιον ει δε μηγε και το καινον σχιζει και τω παλαιω ου συμφωνει επιβλημα το απο του καινου

- 37 Konsa tou, pesonn pa mete diven ki fenk fèt nan vye veso fèt an po. Si ou fè sa, diven ki fenk fèt la va pete veso an po yo. Lè sa a, diven an koule atè, veso an po yo pèdi tou.
And no man puts new wine into old wine-skins, for fear that the skins will be burst by the new wine, and the wine be let out, and the skins come to destruction.
 και ουδεις βαλλει οινον νεον εις ασκους παλαιους ει δε μηγε ρηξει ο νεος οινος τους ασκους και αυτος εκχυθησεται και οι ασκοι απολουνται
- 38 Men, diven ki fenk fèt, sa dwe ale nan veso an po ki fenk fèt tou.
But new wine has to be put into new wine-skins.
 αλλα οινον νεον εις ασκους καινους βλητεον και αμφοτεροι συντηρουνται
- 39 Yon moun ki fin bwè diven ki la lontan p'ap vle bwè diven ki fenk fèt. Se sa pawòl la di: Pi vye pi bon.
And no man, having had old wine, has any desire for new, for he says, The old is better.
 και ουδεις πινω παλαιον ευθεως θελει νεον λεγει γαρ ο παλαιος χρηστοτερος εστιν
- 1 ¶ Yon jou repo, Jezi t'ap pase nan yon jaden ble. Disip li yo keyi kèk grap ble, yo fwote yo nan men yo, epi yo t'ap manje grenn yo.
Now it came about that on the Sabbath he was going through the fields of grain, and his disciples took the heads of the grain for food, crushing them in their hands.
 εγενετο δε εν σαββατω δευτεροπρωτω διαπορευεσθαι αυτον δια των σποριμων και επιλλον οι μαθηται αυτου τους σταχυας και ησθιον ψωχοντες ταις χερσιν
- 2 Te gen kèk farizyen la ki di yo konsa: Poukisa n'ap fè bagay lalwa nou pa pèmèt moun fè gwo jou repo a?
But some of the Pharisees said, Why do you do what it is not right to do on the Sabbath?
 τινες δε των φαρισαιων ειπον αυτοις τι ποιειτε ο ουκ εξεστιν ποιειν εν τοις σαββασιν
- 3 Jezi pran lapawòl, li di farizyen yo konsa: Eske nou pa li sa David te fè li menm ak moun pa l' yo, yon jou yo te grangou?
And Jesus said, Have you not seen in the Writings what David did when he was in need of food, he, and those who were with him;
 και αποκριθεις προς αυτους ειπεν ο ιησους ουδε τουτο ανεγνωτε ο εποιησεν δαβιδ οποτε επεινασεν αυτος και οι μετ αυτου οντες
- 4 Li antre nan kay Bondye a, li pran pen yo te ofri bay Bondye a, li manje, li bay moun pa l' yo manje tou. Men dapre lalwa nou an, se prèt yo sèlman ki gen dwa manje pen sa yo.
How he went into the house of God and took for food the holy bread, which only the priests may take, and gave it to those who were with him?
 ως εισηλθεν εις τον οικον του θεου και τους αρτους της προθεσεως ελαβεν και εφαγεν και εδωκεν και τοις μετ αυτου ους ουκ εξεστιν φαγειν ει μη μονους τους ιερεις
- 5 Apre sa li di yo: Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen se mèt repo a.
And he said, The Son of man is lord even of the Sabbath.
 και ελεγεν αυτοις οτι κυριος εστιν ο υιος του ανθρωπου και του σαββατου
- 6 Yon lòt jou repo, Jezi antre nan sinagòg la, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Te gen yon nonm nan lasanble a ki te gen men dwat li pòk.
And it came about, on another Sabbath, that he went into the Synagogue and was teaching there. And a man was there whose right hand was dead.
 εγενετο δε και εν ετερω σαββατω εισελθειν αυτον εις την συναγωγην και διδασκειν και ην εκει ανθρωπος και η χειρ αυτου η δεξια ην ζηρα
- 7 Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo t'ap veye Jezi konsa pou wè si l' t'ap geri moun jou repo a, paske yo te vle jwenn yon kòz pou akize li.
And the scribes and Pharisees were watching him to see if he would make him well on the Sabbath, so that they might be able to say something against him.
 παρατηρουν δε αυτον οι γραμματαις και οι φαρισαιοι ει εν τω σαββατω θεραπευσει ινα ευρωσιν κατηγοριαν αυτου
- 8 Men, Jezi te konnen sak te dèyè tèt yo. Lè sa a, li di nonm ki te gen menm pòk la: Leve, vin kanpe la a nan mitan nou. Nonm lan leve kanpe.
But he had knowledge of their thoughts; and he said to the man whose hand was dead, Get up and come into the middle. And he got up and came forward.
 αυτος δε ηδει τους διαλογισμους αυτων και ειπεν τω ανθρωπω τω ζηραν εχοντι την χειρα εγειραι και στηθι εις το μεσον ο δε αναστας εστη
- 9 Apre sa, Jezi di moun yo: M'ap mande nou kichòy: Kisa lalwa a pèmèt moun fè jou repo a? Byen oswa mal? Sove lavi yon moun osinon kite l' mourì?
And Jesus said, I put the question to you, Is it right to do good on the Sabbath or to do evil? to give life or to take it away?
 ειπεν ουν ο ιησους προς αυτους επερωτησω υμας τι εξεστιν τοις σαββασιν αγαθοποιησαι η κακοποιησαι ψυχην σωσαι η απολεσαι
- 10 Apre sa, li pwonmennen je l' sou yo tout, li di nonm lan: Lonje men ou. Nonm lan lonje men li. Latou, men an geri.
And looking round on all of them, he said to him, Put out your hand. And he did so: and his hand was made well.
 και περιβλεψαμενος παντας αυτους ειπεν τω ανθρωπω εκτεινον την χειρα σου ο δε εποιησεν ουτως και αποκατεσταθη η χειρ αυτου υγιης ως η αλλη
- 11 Men, lòt moun yo pa t' manke ankòlè; yo t'ap diskite yonn ak lòt sou sa yo ta kapab fè Jezi.
But they were full of wrath, and were talking together about what they might do to Jesus.
 αυτοι δε επλησθησαν ανοιας και διελαλουν προς αλληλους τι αν ποιησειαν τω ιησου

- 12 ¶ Lè sa a, Jezi moute sou yon ti mòn pou l' lapriyè. Li pase tout nwit lan ap lapriyè.
And it came about in those days that he went out to the mountain for prayer; and he was all night in prayer to God.
 εγενετο δε εν ταις ημεραις ταυταις εξηλθεν εις το ορος προσευξασθαι και ην διανυκτερευων εν τη προσευχη του θεου
- 13 Lè l' fè jou, li rele disip li yo, li chwazi douz nan yo, li rele yo apòt.
And the day came and, turning to his disciples, he made a selection from among them of twelve, to whom he gave the name of Apostles;
 και οτε εγενετο ημερα προσεφωνησεν τους μαθητας αυτου και εκλεξαμενος απ αυτων δωδεκα ους και αποστολους ωνομασεν
- 14 Se te Simon (Jezi te ba l' yon ti non Pyè), ak Andre, frè l', Jak ak Jan, Filip ak Batèlmi,
Simon, to whom he gave the name of Peter, and Andrew, his brother, and James and John and Philip and Bartholomew
 σιμωνα ον και ωνομασεν πετρον και ανδρεαν τον αδελφον αυτου ιακωβον και ιωαννην φιλιππον και βαρθολομαιον
- 15 Matye ak Toma, Jak, pitit Alfè a, ak Simon (patriyòt la),
And Matthew and Thomas and James, the son of Alphaeus, and Simon, who was named the Zealot,
 ματθαιον και θωμαν ιακωβον τον του αλφαιου και σιμωνα τον καλουμενον ζηλωτην
- 16 Jid, pitit Jak la, avèk Jida Iskariòt, nonm ki te trayi Jezi a.
And Judas, the son of James, and Judas Iscariot, he who was false to him.
 ιουδαν ιακωβου και ιουδαν ισκαριωτην ος και εγενετο προδοτης
- 17 Li desann ti mòn lan ak yo, li rete sou yon ti platon. Te gen anpil nan disip li yo ki te sanble la ak yon gwo mas pèp. Moun yo te soti toupatou; te gen moun Jide, moun lavil Jerizalèm, ak moun nan lavil Tir ak lavil Sidon ki bò lanmè a. Yo te vin tande l', yo t'ap mande l' geri malad yo tou.
And he came down with them to a level place, and a great band of his disciples, and a very great number of people from all Judaea and Jerusalem and from the parts of Tyre and Sidon by the sea, came to give hearing to him, and to be made well from their diseases;
 και καταβας μετ αυτων εστη επι τοπου πεδινου και οχλος μαθητων αυτου και πληθος πολυ του λαου απο πασης της ιουδαιας και ιερουσαλημ και της παραλιου τυρου και σιδωνος οι ηλθον ακουσαι α υτου και ιαθηναι απο των νοσων αυτων
- 18 Moun ki te gen move lespri ap toumante yo te geri tou.
And those who were troubled with unclean spirits were made well.
 και οι οχλουμενοι υπο πνευματων ακαθαρτων και εθεραπευοντο
- 19 Tout moun t'ap chache manyen l', paske te gen yon fòs ki t'ap soti nan Jezi ki t'ap geri yo tout.
And all the people were desiring to be touched by him, for power came from him and made them all well.
 και πας ο οχλος εξητει απτεσθαι αυτου οτι δυναμις παρ αυτου εξηρχετο και ιατο παντας
- 20 ¶ Lè sa a, Jezi gade disip li yo, li di yo: benediksyon pou nou menm ki pòn, paske Peyi kote Bondye Wa a, se pou nou li ye.
And turning his eyes to his disciples he said, Happy are you who are poor: for the kingdom of God is yours.
 και αυτος επαρας τους οφθαλμους αυτου εις τους μαθητας αυτου ελεγεν μακαριοι οι πτωχοι οτι υμετερα εστιν η βασιλεια του θεου
- 21 benediksyon pou nou menm ki grangou koulye a, paske n'a jwenn manje an kantite. benediksyon pou nou menm k'ap kriye koulye a, paske nou pral nan kè kontan.
Happy are you who are in need of food now: for you will be made full. Happy are you who are weeping now; for you will be glad.
 μακαριοι οι πεινωντες νυν οτι χορτασθησεσθε μακαριοι οι κλαιοντες νυν οτι γελασετε
- 22 benediksyon pou nou si lèzòm rayi nou, si yo pa vle wè nou, si yo joure nou, si yo meprize nou tankou move moun, poutèt mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a.
Happy are you, when men have hate for you, and put you away from among them and say angry words to you, turning away in disgust at your name, because of the Son of man.
 μακαριοι εστε οταν μισησωσιν υμας οι ανθρωποι και οταν αφορισωσιν υμας και ονειδισωσιν και εκβαλωσιν το ονομα υμων ως πονηρον ενεκα του υιου του ανθρωπου
- 23 Fè kè n' kontan lè sa va rive; nou mèt kontan nèt paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa zansèt nou yo te maltrete pwofèt yo.
Be glad in that day, and be lifted up for joy, for your reward in heaven will be great: for their fathers did these same things to the prophets.
 χαριτε εν εκεινη τη ημερα και σκιρτησατε ιδου γαρ ο μισθος υμων πολυς εν τω ουρανω κατα ταυτα γαρ εποιουν τοις προφηταις οι πατερες αυτων
- 24 Men, malè pou nou, nou menm moun rich yo, paske nou deja jwenn sa nou t'ap chache a.
But unhappy are you who have wealth: for you have been comforted now.
 πλην ουαι υμιν τοις πλουσιοις οτι απεχετε την παρακλησιν υμων

- 25 Malè pou nou, nou menm ki gen tout bagay an kantite koulye a, paske nou pral grangou pou n' mouri. Malè pou nou, nou menm k'ap ri koulye a, paske nou pral nan lapenn, se pa ti kriye n'a kriye.
 Unhappy are you who are full of food now: for you will be in need. Unhappy are you who are laughing now: for you will be crying in sorrow.
 ουαι υμιν οι εμπειλησμενοι οτι πεινασετε ουαι υμιν οι γελωντες νυν οτι πενηθεσετε και κλαυσετε
- 26 Malè pou nou lè tout moun ap di nou se bon moun, paske se konsa zansèt nou yo te aji ak fo pwofèt yo.
 Unhappy are you when all men give you their approval: for so their fathers did to the false prophets.
 ουαι υμιν οταν καλως υμας ειπωσιν παντες οι ανθρωποι κατα ταυτα γαρ εποιουν τοις ψευδοπροφηταις οι πατερες αυτων
- 27 ¶ Nou menm k'ap koute m' la a, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo. Fè byen pou moun ki rayi nou.
 But I say to you who give ear to me, Have love for those who are against you, do good to those who have hate for you,
 αλλ υμιν λεγω τοις ακουουσιν αγαπατε τους εχθρους υμων καλως ποιειτε τοις μισουσιν υμας
- 28 Mande benediksyon pou moun k'ap ban nou madichon. Lapriyè pou moun k'ap maltrete nou.
 Give blessing to those who give you curses, say prayers for those who are cruel to you.
 ευλογειτε τους καταρωμενους υμιν και προσευχεσθε υπερ των επηρεαζοντων υμας
- 29 Si yon moun ban nou yon soufflèt sou yon bò figi, vire lòt bò a ba li. Si yon moun pran levit nou, kite l' pran chemiz nou tou.
 If a man gives you a blow on one side of your face, then let the other side be turned to him; from him who takes away your coat, do not keep back your robe.
 τω τυπτοντι σε επι την σιαγονα παρεχε και την αλλην και απο του αιροντος σου το ιματιον και τον χιτωνα μη κωλυσης
- 30 Nenpòt moun ki mande nou kichòy, ba li l'. Si yon moun pran sa ki pou nou, kite l' pou li.
 Give to everyone who comes with a request, and if a man takes away your property, make no attempt to get it back again.
 παντι δε τω αιτουντι σε διδου και απο του αιροντος τα σα μη απαιτει
- 31 Tou sa nou va vle lòt moun fè pou nou, fè l' pou yo tou.
 Do to others as you would have them do to you.
 και καθως θελετε ινα ποιωσιν υμιν οι ανθρωποι και υμεις ποιειτε αυτοις ομοιως
- 32 Si nou plede renmen sèlman moun ki renmen nou, ki benediksyon pou n' tann pou sa? Mechan yo tou yo renmen moun ki renmen yo.
 If you have love for those who have love for you, what credit is it to you? for even sinners have love for those who have love for them.
 και ει αγαπατε τους αγαπωντας υμας ποια υμιν χαρις εστιν και γαρ οι αμαρτωλοι τους αγαπωντας αυτους αγαπωσιν
- 33 Si nou fè byen sèlman pou moun ki fè nou byen, ki benediksyon pou nou tann pou sa? Mechan yo fè menm jan an tou.
 And if you do good to those who do good to you, what credit is it to you? for even sinners do the same.
 και εαν αγαθοποιητε τους αγαθοποιουντας υμας ποια υμιν χαρις εστιν και γαρ οι αμαρτωλοι το αυτο ποιουσιν
- 34 Si se moun nou konnen k'ap renmèt nou nou prete sèlman, ki benediksyon pou nou tann pou sa? Mechan yo tou, yo prete mechan parèy yo ki kapab renmèt yo sa yo te prete yo a san mank.
 And if you let those have the use of your money, from whom you are hoping to get it back, what credit is it to you? even sinners do so to sinners, hoping to get back as much as they gave.
 και εαν δανειζετε παρ ων ελπίζετε απολαβειν ποια υμιν χαρις εστιν και γαρ οι αμαρτωλοι αμαρτωλοις δανειζουσιν ινα απολαβωσιν τα ισα
- 35 Non, nou menm se pou nou renmen lènmi nou yo, fè byen pou yo. Prete san nou pa mete espwa nou sou renmèt. Se konsa n'a resevwa yon gwo rekonpans. Se lè sa a n'a pitit Bondye ki anwo nan syèl la, paske li menm, li bon ni pou engra ni pou mechan.
 But be loving to those who are against you and do them good, and give them your money, not giving up hope, and your reward will be great and you will be the sons of the Most High: for he is kind to evil men, and to those who have hard hearts.
 πλην αγαπατε τους εχθρους υμων και αγαθοποιειτε και δανειζετε μηδεν απελιζοντες και εσαι ο μισθος υμων πολυς και εσεσθε υιοι του υψιστου οτι αυτος χρηστος εστιν επι τους αχαριστους και πονηρους
- 36 Se pou nou gen kè sansib menm jan Bondye, papa nou, gen kè sansib.
 Be full of pity, even as your Father is full of pity.
 γινεσθε ουν οικτιρμονες καθως και ο πατηρ υμων οικτιρμων εστιν
- 37 ¶ Pa jije moun, konsa Bondye p'ap jije nou. Pa kondannen moun, konsa Bondye p'ap kondannen nou. Padonnen yo, konsa Bondye va padonnen nou tou.
 Be not judges of others, and you will not be judged: do not give punishment to others, and you will not get punishment yourselves: make others free, and you will be made free:
 και μη κρινετε και ου μη κριθητε μη καταδικαζετε και ου μη καταδικασθητε απολυετε και απολυθησεσθε

- 38 Bay, Bondye va ban nou. La lage yon bon mezi, byen souke, byen foule, ak tout tiyon l', nan pòch rad nou. Mezi nou sèvi pou mezire lòt yo, se li menm Bondye va pran pou mezire nou tou.
Give, and it will be given to you; good measure, crushed down, full and running over, they will give to you. For in the same measure as you give, it will be given to you again.
δίδοτε και δοθησεται υμιν μετρον καλον πεπισμενον και σεσαλευμενον και υπερεκχυνομενον δωσουσιν εις τον κολπον υμων τω γαρ αυτοω μετρω ω μετρειτε αντιμετρηθησεται υμιν
- 39 Epi li di yo yon lòt parabòl: Eske yon avèg ka mennen yon lòt avèg? Eske tou de p'ap tonbe nan menm twou a?
And he gave them teaching in the form of a story, saying, Is it possible for one blind man to be guide to another? will they not go falling together into a hole?
ειπεν δε παραβολην αυτοις μητι δυναται τυφλος τυφλον οδηγειν ουχι αμφοτεροι εις βοθυνον πεσουνται
- 40 Yon elèn pa pifò pase mèt li; men yon elèn ki fini nèt, l'ap fò tankou mèt li.
The disciple is not greater than his master, but everyone whose learning is complete will be like his master.
ουκ εστιν μαθητης υπερ τον διδασκαλον αυτου καθηρτισμενος δε πας εσται ως ο διδασκαλος αυτου
- 41 Poukisa w'ap gade ti pay ki nan je frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa a ki nan je pa ou la?
And why do you take note of the grain of dust in your brother's eye, but take no note of the bit of wood which is in your eye?
τι δε βλεπεις το καρφος το εν τω οφθαλμω του αδελφου σου την δε δοκον την εν τω ιδιω οφθαλμω ου κατανοεις
- 42 Ou menm ki pa wè gwo bout bwa ki nan je pa ou la, ki jan ou kapab di frè ou: Frè m', kite m' wete ti pay ki nan je ou la? Ipokrit! Wete gwo bout bwa ki nan je pa ou la anvan. Apre sa, wa wè klè pou ou wete pay ki nan je frè ou la.
How will you say to your brother, Brother, let me take the grain of dust out of your eye, when you yourself do not see the bit of wood in your eye? O false one! first take the wood out of your eye and then you will see clearly to take the dust out of your brother's eye.
η πως δυνασαι λεγειν τω αδελφω σου αδελφε αφες εκβαλω το καρφος το εν τω οφθαλμω σου αυτος την εν τω οφθαλμω σου δοκον ου βλεπων υποκριτα εκβαλε πρωτον την δοκον εκ του οφθαλμου σου και τοτε διαβλεψεις εκβαλειν το καρφος το εν τω οφθαλμω του αδελφου σου
- 43 Yon bon pyebwa pa bay move donn, ni yon move pyebwa pa bay bon donn.
For no good tree gives bad fruit, and no bad tree gives good fruit.
ου γαρ εστιν δενδρον καλον ποιουν καρπον σαπρον ουδε δενδρον σαπρον ποιουν καρπον καλον
- 44 Yo rekonèt kalite yon pyebwa sou donn li bay. Yo pa keyi fig frans sou pye rakèt, ni yo pa rekòlte rezen sou tout vye lyann.
For every tree is judged by its fruit. Men do not get figs from thorns, or grapes from blackberry plants.
εκαστον γαρ δενδρον εκ του ιδιου καρπου γινωσκεται ου γαρ εξ ακανθων συλλεγουσιν συκα ουδε εκ βατου τρυγωσιν σταφυλην
- 45 Yon nonm ki bon, se bon bagay li rale soti nan kè li ki bon. Yon nonm ki mechan, se move bagay li rale soti nan kè li ki move. Paske, sak nan kè yon nonm, se sak soti nan bouch li.
The good man, out of the good store of his heart, gives good things; and the evil man, out of his evil store, gives evil: for out of the full store of the heart come the words of the mouth.
ο αγαθος ανθρωπος εκ του αγαθου θησαυρου της καρδιας αυτου προφερει το αγαθον και ο πονηρος ανθρωπος εκ του πονηρου θησαυρου της καρδιας αυτου προφερει το πονηρον εκ γαρ του περισσευματος της καρδιας λαλει το στομα αυτου
- 46 Poukisa n'ap plede rele mwen: Mèt, Mèt, epi nou pa fè sa m' di nou fè?
Why do you say to me, Lord, Lord, and do not the things which I say?
τι δε με καλειτε κυριε κυριε και ου ποιειτε α λεγω
- 47 Moun ki vin jwenn mwen, ki tande pawòl mwen epi ki fè sa mwen di fè, men ki jan l'ap ye:
Everyone who comes to me and gives ear to my words and does them, I will make clear to you what he is like:
πας ο ερχομενος προς με και ακουων μου των λογων και ποιων αυτους υποδειξω υμιν τινι εστιν ομοιος
- 48 L'ap tankou yon nonm k'ap bati yon kay; li fouye tè a byen fon, li moute fondasyon kay la sou wòch. Dlo desann, lavalas frape kay la. Men, kay la pa brannen paske li te byen bati.
He is like a man building a house, who went deep and put the base of it on a rock; and when the water came up and the river was driving against that house, it was not moved, because the building was good.
ομοιος εστιν ανθρωπω οικοδομουντι οικιαν ος εσκαψεν και εβαθυνεν και εθηκεν θεμελιον επι την πετραν πλημμυρας δε γενομενης προσερρηξεν ο ποταμος τη οικια εκεινη και ουκ ισχυσεν σαλευσαι αυτην τεθεμελιωτο γαρ επι την πετραν
- 49 Men, moun ki tande pawòl mwen, ki pa fè sa mwen di fè, li tankou yon nonm ki bati yon kay ratè, san fondasyon. Lavalas frape kay la, yon sèl kou kay la tonbe, li kraze nèt.
But he who gives hearing, without doing, is like a man building a house on the earth without a base for it; and when the force of the river came against it, straight away it came down; and the destruction of that house was great.
ο δε ακουσας και μη ποιησας ομοιος εστιν ανθρωπω οικοδομησαντι οικιαν επι την γην χωρις θεμελιου η προσερρηξεν ο ποταμος και ευθως επεσεν και εγενετο το ρηγμα της οικιας εκεινης μεγα

- 1 ¶ Lè Jezi fin pale tout pawòl sa yo ak pèp la, li ale lavil Kapènawòm.
After he had come to the end of all his words in the hearing of the people, he went into Capernaum.
επει δε ελληρωσεν παντα τα ρηματα αυτου εις τας ακουας του λαου εισηλθεν εις καπερναουμ
- 2 Nan lavil sa a, yon kaptenn lame a te gen yon domestik li te renmen anpil. Domestik sa a te twouve l' malad prèt pou mouri.
And a certain captain had a servant who was very dear to him; this servant was ill and near to death.
εκατονταρχου δε τινος δουλος κακως εχων ημελλεν τελευταν ος ην αυτω εντιμος
- 3 Kaptenn lan tande pale sou Jezi; se konsa li voye kèk chèf fanmi nan jwif yo al mande Jezi pou l' vin geri domestik li a.
And when news of Jesus came to his ears, he sent to him rulers of the Jews, requesting that he would come and make his servant well.
ακουσας δε περι του ιησου απεστειλεν προς αυτον πρεσβυτερους των ιουδαιων ερωτων αυτον οπως ελθων διασωση τον δουλον αυτου
- 4 Yo rive bò kot Jezi, yo di li: Tanpri, fè sa pou li, li merite li. Paské li renmen pèp nou an.
And they, when they came to Jesus, made their request warmly, saying,
οι δε παραγενομενοι προς τον ιησουν παρεκαλουν αυτον σπουδαιως λεγοντες οτι αξιος εστιν ω παρεξει τουτο
- 5 Se li ki te bati sinagòg la pou nou.
It is right for you to do this for him, because he is a friend to our nation, and himself has put up a Synagogue for us.
αγαπα γαρ το εθνος ημων και την συναγωγην αυτος ωκοδομησεν ημιν
- 6 Jezi ale avè yo. Li te rive toupre kay la lè kaptenn lan voye kèk zanmi di l' konsa: Mèt, pa bay kò ou tout traka sa a. Mwen pa merite pou ou antre lakay mwen.
And Jesus went with them. And when he was not far from the house, the man sent friends to him, saying, Lord, do not give yourself trouble: for I am not important enough for you to come into my house:
ο δε ιησους επορευετο συν αυτοις ηδη δε αυτου ου μακραν απεχοντος απο της οικιας επεμψεν προς αυτον ο εκατονταρχος φιλους λεγων αυτω κυριε μη σκυλλου ου γαρ εμι ικανος ινα υπο την στεγην μου εισελθης
- 7 Se poutèt sa mwen pa t' kwè m' ase bon pou m' te vin jwenn ou, mwen menm. Annik di yon mo, domestik mwen an va geri.
And I had the feeling that I was not even good enough to come to you: but say the word only, and my servant will be well.
διο ουδε εμαυτον ηξιωσα προς σε ελθειν αλλα ειπε λογω και ιαθησεται ο παις μου
- 8 Mwen menm, mwen sou zòd chèf, mwen gen sòlda sou zòd mwen tou. Lè m' di yonn: Ale! li ale. Lè m' di yon lòt: Vini! li vini. Lè m' di domestik mwen an: Fè sa! li fè li.
For I, myself, am a man under authority, having men under me; and I say to this one, Go, and he goes; and to another, Come, and he comes; and to my servant, Do this, and he does it.
και γαρ εγω ανθρωπος εμι υπο εξουσιαν τασσομενος εχων υπ εμαυτον στρατιωτας και λεγω τουτω πορευθητι και πορευεται και αλλω ερχου και ερχεται και τω δουλω μου ποιησον τουτο και ποιει
- 9 Lè Jezi tande pawòl sa yo, li vin gen yon gwo admirasyon pou kaptenn lan. Li vire bò foul moun ki t'ap swiv li a, li di yo: M'ap di nou sa: Mwen poko janm jwenn yon moun ki gen konfyans nan Bondye konsa, pa menm nan pèp Izrayèl la.
And when these things were said to Jesus, he was surprised, and, turning to the mass of people coming after him, said, I have not seen such great faith, no, not in Israel.
ακουσας δε ταυτα ο ιησους εθαυμασεν αυτον και στραφεις τω ακολουθουντι αυτω ογλω ειπεν λεγω υμιν ουδε εν τω ισραηλ τοσαυτην πιστιν ευρον
- 10 Lè zanmi kaptenn lan te voye yo tounen nan kay la, yo jwenn domestik ki te malad la geri.
And when those who were sent came back to the house they saw that the servant was well.
και υποστρεψαντες οι πεμφθεντες εις τον οικον ευρον τον ασθενοντα δουλον υγαινοντα
- 11 ¶ Apre sa, Jezi ale nan yon lavil yo rele Nayen. Disip li yo t'ap fè wout avè l' ansanm ak yon gwo foul moun.
And it came about, after a little time, that he went to a town named Nain; and his disciples went with him, and a great number of people.
και εγενετο εν τη εξης επορευετο εις πολιν καλουμενην ναιν και συνεπορευοντο αυτω οι μαθηται αυτου ικανοι και ογλος πολυς
- 12 Li rive bò pòtay lavil la. Lè sa a yo t'ap pote yon mò al antere: se te sèl pitit gason yon madanm vèv. Te gen anpil moun lavil la avèk li.
Now when he came near the door of the town, a dead man was being taken out, the only son of his mother, who was a widow: and a great number of people from the town were with her.
ως δε ηγγισεν τη πυλη της πολεως και ιδου εξεκομιζετο τεθνηκως υιος μονογενης τη μητρι αυτου και αυτη ην χηρα και ογλος της πολεως ικανος συν αυτη
- 13 Lè Jezi wè vèv la, kè l' fè l' mal pou li, li di li: Pa kriye, tande!
And when the Lord saw her, he had pity on her and said to her, Be not sad.
και ιδων αυτην ο κυριος εσπλαγχισθη επ αυτη και ειπεν αυτη μη κλαιε

- 14 Apre sa li pwoche, li manyen sèkèy la. Moun ki t'ap pote l' yo ret kanpe. Li di: Jennonm, se mwen menm k'ap pale avè ou. Leve.
And he came near, and put his hand on the stretcher where the dead man was: and those who were moving it came to a stop. And he said, Young man, I say to you, Get up.
και προσελθων ηψατο της σορου οι δε βασταζοντες εστησαν και ειπεν νεανισκε σοι λεγω εγερθητι
- 15 Epi mò a leve chita, li kòmanse pale. Jezi renmèt li bay manman li.
And the dead man got up, and words came from his lips. And he gave him to his mother.
και ανεκαθισεν ο νεκρος και ηρξατο λαλειν και εδωκεν αυτον τη μητρι αυτου
- 16 Tout moun yo te pè, yo t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di: Yon gwo pwofèt parèt nan mitan nou! Yo t'ap di tou: Bondye vin sove pèp li a.
And fear came on all, and they gave praise to God, saying, A great prophet is among us: and, God has given thought to his people.
ελαβεν δε φοβος απαντας και εδοξαζον τον θεον λεγοντες οτι προφητης μεγας εγηγερται εν ημιν και οτι επεσκεψατο ο θεος τον λαον αυτου
- 17 Nouvèl la te gaye nan tout peyi Jide a ak nan tout vwazinaj la.
And this story about him went through all Judaea and the places round about.
και εξηλθεν ο λογος ουτος εν ολη τη ιουδαια περι αυτου και εν παση τη περιχωρω
- 18 Patizan Jan Batis yo te rakonte tout bagay sa yo bay Jan Batis.
And the disciples of John gave him an account of all these things.
και απηγγειλαν ιωαννη οι μαθηται αυτου περι παντων τούτων
- 19 ¶ Jan rele de ladan yo, li voye yo bò kot Jezi al mande li: Eske ou se moun nou konnen ki gen pou vini an, osinon èske nou dwe tann yon lòt?
Then John sent two of his disciples to the Lord, saying, Are you he who is to come, or are we waiting for another?
και προσκαλεσαμενος δυο τινας των μαθητων αυτου ο ιωαννης επεμψεν προς τον ιησουν λεγων συ ει ο ερχομενος η αλλον προσδοκωμεν
- 20 Lè mesye sa yo rive bò kot Jezi, yo di li: Jan Batis voye nou bò kote ou vin mande ou: Eske ou se moun nou konnen ki gen pou vini an, osinon èske nou dwe tann yon lòt?
And when the men came to him they said, John the Baptist has sent us to you, saying, Are you he who is to come, or are we waiting for another?
παραγενομενοι δε προς αυτον οι ανδρες ειπον ιωαννης ο βαπτιστης απεσταλκεν ημας προς σε λεγων συ ει ο ερχομενος η αλλον προσδοκωμεν
- 21 Lè sa a, Jezi t'ap geri anpil moun malad ak anpil moun enfim, li t'ap wete yo anba pouvwa move lespri, li t'ap fè anpil avèg wè ankò.
At that time, he made a number of people free from their diseases and their pains, and from evil spirits; and to others who were blind he gave back the use of their eyes.
εν αυτη δε τη ωρα εθεραπευσεν πολλους απο νοσων και μαστιγων και πνευματων πονηρων και τυφλοις πολλοις εχαρισατο το βλεπειν
- 22 Apre sa, li reponn moun Jan Batis te voye yo konsa: Ale rakonte Jan sa nou sot wè ak sa nou sot tande la a: je avèg yo louvri, moun ki t'ap bwete yo mache byen, moun ki te gen maladi lalèp yo geri, moun soudè yo tande, moun mouri yo leve, pòn yo tande bon nouvèl la.
And answering them he said, Go back and give news to John of what you have seen, and the things which have come to your ears; the blind now see, those who had no power in their legs are walking, lepers are made clean, those who had no hearing now have their ears open, dead men come to life again, and the poor have the good news given to them.
και αποκριθεις ο ιησους ειπεν αυτοις πορευθεντες απαγγειλατε ιωαννη α ειδετε και ηκουσατε οτι τυφλοι αναβλεπουσιν χωλοι περιπατουσιν λεπροι καθαριζονται κωφοι ακουουσιν νεκροι εγειρονται πτωχοι ευαγγελιζονται
- 23 benediksyon pou moun ki p'ap jwenn nan mwen okazyon pou yo tonbe nan peche.
And a blessing will be on him who has no doubts about me.
και μακαριος εστιν ος εαν μη σκανδαλισθη εν εμοι
- 24 Lè moun Jan te voye yo al fè wout yo, Jezi kòmanse pale ak fowl moun yo sou Jan Batis. Li di yo konsa: Kisa nou te al wè nan dezè a? Yon pye wozo van ap balanse? Non.
And when the men who were sent by John had gone away, he said to the people, about John, What did you go out into the waste land to see? a tall stem moving in the wind?
απελθοντων δε των αγγελων ιωαννου ηρξατο λεγειν προς τους οχλους περι ιωαννου τι εξεληλυθατε εις την ερημον θεασασθαι καλαμον υπο ανεμου σαλευομενον
- 25 Men, kisa nou te al wè menm? Yon nonm abiye ak bèl rad? Ala, moun ki abiye ak bèl rad, k'ap viv nan jwisans, se kay wa yo jwenn yo.
But what did you go out to see? a man in soft clothing? See now, those who have beautiful clothing and delicate food are in kings' houses.
αλλα τι εξεληλυθατε ιδειν ανθρωπον εν μαλακοις ιματιοις ημφιεσμενον ιδου οι εν ιματισμο ενδοξω και τρυφη υπαρχοντες εν τοις βασιλειοις εισιν
- 26 Men, manyè di m' kisa nou tal wè? Yon pwofèt? Wi. Mwen menm, mwen di nou: li pi plis pase yon pwofèt.
But what did you go out to see? a prophet? Yes, I say to you, and more than a prophet.
αλλα τι εξεληλυθατε ιδειν προφητην ναι λεγω υμιν και περισσοτερον προφητου

- 27 Men sa ki te ekri sou Jan Batis: Men m'ap voye mesaje m' lan devan ou, la louvri chemen an devan pou ou.
This is he of whom it has been said, See, I send my servant before your face, who will make ready your way before you.
 ουτος εστιν περι ου γεγραπται ιδου εγω αποστελλω τον αγγελον μου προ προσωπου σου ος κατασκευασει την οδον σου εμπροσθεν σου
- 28 M'ap di nou sa: Nan tout moun ki fèt sou latè pa gen yonn ki pi konsekan pase Jan Batis. Men, moun ki pi piti nan peyi kote Bondye wa a pi konsekan pase li.
I say to you, Among all the sons of women, not one is greater than John: but he who is least in the kingdom of God is greater than he.
 λεγω γαρ υμιν μειζων εν γεννητοις γυναικων προφητης ιωαννου του βαπτιστου ουδεις εστιν ο δε μικροτερος εν τη βασιλεια του θεου μειζων αυτου εστιν
- 29 Tout pèp la ansanm ak pèseptè kontribisyon yo t'ap tande li. Moun sa yo te rekonèt se Bondye ki gen rezon, se pou sa yo te fè Jan Batis batize yo.
(And all the people, and the tax-farmers, to whom John had given baptism, when they had knowledge of these things, gave glory to God.
 και πας ο λαος ακουσας και οι τελωναι εδικαιωσαν τον θεον βαπτισθεντες το βαπτισμα ιωαννου
- 30 Men, farizyen yo ak dirèktè lalwa yo te refize sa Bondye te vle fè pou yo; se sak fè yo pa t' kite Jan Batis batize yo.
But the Pharisees and the teachers of the law were against the purpose of God for themselves, not having had his baptism.)
 οι δε φαρισαιοι και οι νομικοι την βουλην του θεου ηθετησαν εις εαυτους μη βαπτισθεντες υπ αυτου
- 31 Jezi di yo ankò: Ak ki moun mwen ta konpare moun k'ap viv nan tan alèkile yo? Ki moun yo sanble menm?
What comparison am I to make of the men of this generation? what are they like?
 ειπεν δε ο κυριος τινη ουν ομοιωσω τους ανθρωπους της γενεας ταυτης και τινη εισιν ομοιοι
- 32 Yo sanble timoun ki chita sou plas piblik. Yonn ap rele lòt pou di l' konsa: Nou jwe mizik cho pou nou ak fif nou, nou pa danse. Nou chante chante ki tris pou nou, nou pa kriye.
They are like children who are seated in the market-place, crying out to one another, and saying, We made music for you, but you did not take part in the dance; we gave cries of sorrow, but you were not sad.
 ομοιοι εισιν παιδιοις τοις εν αγορα καθημενοις και προσφωνουσιν αλληλοις και λεγουσιν ηυλησαμεν υμιν και ουκ ωρησασθε εθρηνησαμεν υμιν και ουκ εκλαυσαστε
- 33 Jan Batis vini, li pa manje pen, ni li pa bwè diven, nou di: Li gen yon move lespri sou li.
For John the Baptist came, taking no food or drink, and you say, He has an evil spirit.
 εληλυθεν γαρ ιωαννης ο βαπτιστης μητε αρτον εσθιων μητε οινον πινων και λεγετε δαιμονιον εχει
- 34 Mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen vini, mwen manje, mwen bwè, nou di: Gade yon nonm! Se manje ak bwè ase l' konnen; se zanmi pèseptè kontribisyon ak moun k'ap fè sa ki mal li ye.
The Son of man came feasting, and you say, Here is a lover of food and wine, a friend of tax-farmers and sinners.
 εληλυθεν ο υιος του ανθρωπου εσθιων και πινων και λεγετε ιδου ανθρωπος φαγος και οινοποτης τελωνων φιλος και αμαρτωλων
- 35 Men, tout moun ki asepte bon konprann Bondye a, yo moutre se Bondye nan bon konprann li ki gen rezon.
But wisdom is judged to be right by all her children.
 και εδικαιωθη η σοφια απο των τεκνων αυτης παντων
- 36 ¶ Yon farizyen te envite Jezi vin manje avè li. Jezi ale lakay farizyen an; li chita bò tab la pou l' manje.
And one of the Pharisees made a request that he would take a meal with him. And he went into the Pharisee's house and took his seat at the table.
 ηρωτα δε τις αυτον των φαρισαιων ινα φαγη μετ αυτου και εισελθων εις την οικιαν του φαρισαιου ανεκλιθη
- 37 Nan lavil sa a, te gen yon fanm movèz vi. Lè fanm lan pran nouvèl Jezi t'ap manje lakay farizyen an, li pote yon ti boutèy fèt an albat plen odè.
And there was a woman in the town who was a sinner; and when she had news that he was a guest in the Pharisee's house, she took a bottle of perfume,
 και ιδου γυνη εν τη πολει ητις ην αμαρτωλος επιγνουσα οτι ανακειται εν τη οικια του φαρισαιου κομισασα αλαβαστρον μυρου
- 38 Li mete kò l' dèyè bò pye Jezi. Li kriye, li kriye, li mouye pye Jezi ak dlo ki t'ap sot nan je li. Apre sa, li siye yo ak cheve l', li bo yo, epi li vide odè sou yo.
And went in and took her place at the back of him, near his feet, weeping, so that his feet were washed with the drops from her eyes, and with her hair she made them dry, and kissing his feet she put the perfume on them.
 και στασα παρα τους ποδας αυτου οπισω κλαιουσα ηρξατο βρεχειν τους ποδας αυτου τοις δακρυσιν και ταις θριξιν της κεφαλης αυτης εξεμασσεν και κατεφιλει τους ποδας αυτου και ηλειφεν τω μυρω

- 39 Lè farizyen ki te envite Jezi a wè sa, li t'ap di nan kè l': Si nonm sa a te yon pwofèt vre, se pou l' ta konnen ki kalite moun fanm sa k'ap manyen l' lan ye, li ta konnen ki movèz vi fanm sa a ap mennen.
 Now when the Pharisee in whose house he was saw it, he said to himself, This man, if he was a prophet, would be conscious what sort of woman this is who has put her hands on him, that she is a sinner.
 ιδων δε ο φαρισαιος ο καλεσας αυτον ειπεν εν εαυτω λεγων ουτος ει ην προφητης εγινωσκεν αν τις και ποταπη η γυνη ητις απτεται αυτου οτι αμαρτωλος εστιν
- 40 Lè sa a, Jezi pran lapawòl, li di l' konsa: Simon, mwen gen kichòy pou m' di ou. Simon reponn li: Mèt, ou mèt pale wi.
 And Jesus, answering, said, Simon, I have something to say to you. And he said, Master, say on.
 και αποκριθεις ο ιησους ειπεν προς αυτον σιμων εχω σοι τι ειπειν ο δε φησιν διδασκαλε ειπε
- 41 Jezi di li: Vwala, se te de moun ki te dwe yon nonm ki te prete yo lajan; premye a te dwe l' senksan (500) goud; lòt la te dwe l' senkant goud.
 And he said, Two men were in debt to a certain man of business: one had a debt of five hundred pence, and the other of fifty.
 δυο χρεωφειλεται ησαν δανειστη τινι ο εις ωφειλεν δηναρια πεντακοσια ο δε ετερος πενηκοντα
- 42 Ni yonn ni lòt pa t' gen dekwa peye dèt la. Lè sa a, nonm lan di yo yo pa bezwen peye dèt la ankò. Kilès nan yo de a va renmen l' plis?
 When they were unable to make payment, he made the two of them free of their debts. Which of them, now, will have the greater love for him?
 μη εχοντων δε αυτων αποδουναι αμφοτεροις εχαρισατο τις ουν αυτων ειπε πλειον αυτον αγαπησει
- 43 Simon reponn li: Mwen ta kwè se nonm ki te dwe l' plis la. Jezi di l': Ou byen reponn.
 Simon, in answer, said, It seems he whose debt was greater. And he said, Your decision is right.
 αποκριθεις δε ο σιμων ειπεν υπολαμβανω οτι ω το πλειον εχαρισατο ο δε ειπεν αυτω ορθως εκρινας
- 44 Epi li vire bò fanm lan, li di Simon: Ou wè fanm sa a? Mwen antre lakay ou, ou pa menm ban m' dlo pou m' lave pye m'; men li menm, li lave pye m' ak dlo ki sot nan je l'. Apre sa, li siye yo ak cheve li.
 And turning to the woman he said to Simon, You see this woman? I came into your house; you did not give me water for my feet: but she has been washing my feet with the drops from her eyes, and drying them with her hair.
 και στραφεις προς την γυναικα τω σιμωνι εφη βλεπεις ταυτην την γυναικα εισηλθον σου εις την οικιαν υδωρ επι τους ποδας μου ουκ εδωκας αυτη δε τοις δακρυσιν εβρεξεν μου τους ποδας και ταις θριξιν της κεφαλης αυτης εξεμαξεν
- 45 Ou pa te bo m' lè m' t'ap antre lakay ou; men li menm, depi mwen antre se bo l'ap bo pye m'.
 You did not give me a kiss: but she, from the time when I came in, has gone on kissing my feet.
 φιλημα μοι ουκ εδωκας αυτη δε αφ ης εισηλθον ου διελιπεν καταφιλουσα μου τους ποδας
- 46 Ou pa vide lwil sou tèt mwen; men li menm, li vide odè sou pye mwen.
 You put no oil on my head: but she has put perfume on my feet.
 ελαιω την κεφαλην μου ουκ ηλειψας αυτη δε μυρω ηλειψεν μου τους ποδας
- 47 Se poutèt sa, mwen di ou: li fè tout bagay sa yo pou moutre jan li renmen anpil, paske yo padonnen li anpil peche. Men, yon moun yo padonnen yon ti kras, se yon ti kras l'ap moutre jan l' renmen tou.
 And so I say to you, She will have forgiveness for her sins which are great in number, because of her great love: but he who has small need of forgiveness gives little love.
 ου χαριν λεγω σοι αφεωνται αι αμαρτια αυτης αι πολλαι οτι ηγαπησεν πολυ ω δε ολιγον αφιεται ολιγον αγαπα
- 48 Apre sa, Jezi di fanm lan: Peche ou yo padonnen.
 And he said to her, You have forgiveness for your sins.
 ειπεν δε αυτη αφεωνται σου αι αμαρτια
- 49 Moun ki te chita bò tab la avèk li yo pran di nan kè yo: Ki moun nonm sa a ye menm pou li padonnen peche?
 And those who were seated at table with him said to themselves, Who is this who even gives forgiveness of sins?
 και ηρξαντο οι συνανακειμενοι λεγειν εν εαυτοις τις ουτος εστιν ος και αμαρτιας αφησιν
- 50 Men Jezi di fanm lan: Se konfyans ou nan Bondye ki sove ou. Ale ak kè poze.
 And he said to the woman, By your faith you have salvation; go in peace.
 ειπεν δε προς την γυναικα η πιστις σου σεσωκεν σε πορευου εις ειρηνην

- 1 ¶ Apre sa, Jezi mache ale nan tout lavil yo ak nan tout bouk yo. Li t'ap mache bay mesaj la, li t'ap anonse bon nouvèl peyi kote Bondye Wa a. Douz disip yo te toujou avè li.
And it came about, after a short time, that he went through town and country giving the good news of the kingdom of God, and with him were the twelve,
και εγενετο εν τω καθεξης και αυτος διωδευεν κατα πολιν και κωμην κηρυσσον και ευαγγελιζομενος την βασιλειαν του θεου και οι δωδεκα συν αυτω
- 2 Te gen kèk fanm avè l' tou. Se moun li te wete move lespri sou yo, li te geri maladi yo. Te gen Mari (yo te rele moun Magdala a). Jezi te wete sèt move lespri sou li.
And certain women who had been made free from evil spirits and diseases, Mary named Magdalene, from whom seven evil spirits had gone out,
και γυναικες τινες αι ησαν θεραπευμεναι απο πνευματων πονηρων και ασθενειων μαρια η καλουμενη μαγδαληνη αφ ης δαιμονια επτα εξεληλυθει
- 3 Te gen Jan, madanm Chouza, yonn nan jeran Ewòd yo. Te gen Sizan ak anpil lòt ankò. Yo tout yo t'ap ede Jezi ansanm ak disip li yo ak sa yo te genyen.
And Joanna, the wife of Chuza, Herod's chief house-servant, and Susanna and a number of others, who gave him of their wealth for his needs.
και ιωαννα γυνη χουζα επιτροπου ηρωδου και σουσαννα και ετεραι πολλαι αιτινες διηκουνου αυτω απο των υπαρχοντων αυταις
- 4 ¶ Lè sa a, te gen yon gwo foul moun ki te sanble; moun te soti nan divès vil vin bò kot Jezi. Li pran rakonte yo parabol sa a:
And when a great number of people came together, and men from every town went out to him, he gave them teaching in the form of a story:
συνιοντος δε οχλου πολλου και των κατα πολιν επιπορευομενων προς αυτον ειπεν δια παραβολης
- 5 Yon nonm soti pou li ale simen grenn nan jaden li. Pandan l' t'ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò chemen an: Pye pile yo, zwezo nan syèl vini, yo manje yo.
A man went out to put in seed, and while he was doing it, some was dropped by the wayside and it was crushed under foot, and was taken by the birds of heaven.
εξηλθεν ο σπειρων του σπειραι τον σπορον αυτου και εν τω σπειρειν αυτον ο μεν επεσεν παρα την οδον και κατεπατηθη και τα πετεινα του ουρανου κατεφαγεν αυτο
- 6 Yon pati tonbe nan mitan wòch; grenn yo leve. Men, yo cheche paske yo pa t' jwenn tè fre.
And some went on the rock, and when it came up it became dry and dead because it had no water.
και ετερον επεσεν επι την πετραν και φυεν εξηρανθη δια το μη εχειν ικμαδα
- 7 Yon lòt pati tonbe nan mitan pye pikan. Pye pikan yo grandi ansanm ak bon ti plant yo, yo toufe yo.
And some went among thorns, and the thorns came up with it and it had no room for growth.
και ετερον επεσεν εν μεσω των ακανθων και συμφυεισαι αι ακανθαι απεπνιξαν αυτο
- 8 Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè. Plant yo leve, yo donnen: yo bay san (100) pou yonn. Lè l' fin di sa, li di ankò: Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande.
And some falling on good earth, came up and gave fruit a hundred times as much. And with these words he said in a loud voice, He who has ears, let him give ear.
και ετερον επεσεν επι την γην την αγαθην και φυεν εποησεν καρπον εκατονταπλασιονα ταυτα λεγων εφωνει ο εχων ωτα ακουειν ακουετω
- 9 Disip li yo mande l' kisa parabol sa a vle di.
And his disciples put questions to him about the point of the story.
επηρωτων δε αυτον οι μαθηται αυτου λεγοντες τις ειη η παραβολη αυτη
- 10 Li reponn yo: Pou nou, yo fè nou konnen tout sekrè peyi kote Bondye Wa a. Men, pou lòt moun yo, yo ba yo l' an parabol; konsa yo mèt gade, yo p'ap wè, yo mèt tande, yo p'ap konprann.
And he said, To you is given knowledge of the secrets of the kingdom of God; but to the others, they are given in stories, so that seeing, they may not see, and though they give hearing, the sense will not be clear to them.
ο δε ειπεν υμιν δεδοται γνωνα τα μυστηρια της βασιλειας του θεου τοις δε λοιποις εν παραβολαις ινα βλεποντες μη βλεπωσιν και ακουοντες μη συνιωσιν
- 11 Men sa parabol sa a vle di: Grenn y'ap simen an se pawòl Bondye.
Now this is the point of the story: The seed is the word of God.
εστιν δε αυτη η παραβολη ο σπορος εστιν ο λογος του θεου
- 12 Gen moun ki sanble ak tè bò chemen kote grenn yo tonbe a. Yo tande, men Satan vini, li rache pawòl la nan kè yo pou yo pa kwè, pou yo pa sove.
Those by the side of the road are those who have given hearing; then the Evil One comes and takes away the word from their hearts, so that they may not have faith and get salvation.
οι δε παρα την οδον εισιν οι ακουοντες ειτα ερχεται ο διαβολος και αιρει τον λογον απο της καρδιας αυτων ινα μη πιστευσαντες σωθωσιν
- 13 Gen lòt moun ki sanble tè ki gen anpil wòch la. Yo tande pawòl la, yo resewva l' ak kè kontan; men yo pa kite l' pouse rasin, yo pa kwè l' pou lontan. Lè epèrè tonbe sou yo, yo vire do bay Bondye.
And those on the rock are those who with joy give hearing to the word; but having no root, they have faith for a time, and when the test comes they give up.
οι δε επι της πετρας οι οταν ακουωσιν μετα χαρας δεχονται τον λογον και ουτοι ριζαν ουκ εχουσιν οι προς καιρον πιστευουσιν και εν καιρω πειρασμου αφιστανται
- 14 Grenn ki tonbe nan mitan pikan yo, se moun ki tande pawòl la, men lè y al fè wout yo, yo kite traka lavi, richès ak plezi ki nan lavi toufè l'. Yo donnen men donn yo pa janm rive rèk.
And those which went among thorns are those who have given hearing, and go on their way, but they are overcome by cares and wealth and the pleasures of life, and they give no fruit.
το δε εις τας ακανθας πεσον ουτοι εισιν οι ακουσαντες και υπο μεριμων και πλουτου και ηδονων του βιου πορευομενοι συμπνιγονται και ου τελεσφορουσιν

- 15 Grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun ki sensè, ki gen bon kè, ki tande pawòl la, yo kenbe l' nan kè yo. Yo toujou rete fèm jouk yo donnen.
And those in the good earth are those who, having given ear to the word, keep it with a good and true heart, and in quiet strength give fruit.
το δε εν τη καλη γη ουτοι εισιν οιτινες εν καρδια καλη και αγαθη ακουσαντες τον λογον κατεχουσιν και καρποφορουσιν εν υπομονη
- 16 Pesonn pa limen yon lanp pou l' kouvri l' anba yon mamit, osinon pou l' mete l' anba yon kabann. Li mete l' sou yon etajè. Konsa, moun k'ap antre yo kapab wè limyè a.
No man, when the light is lighted, puts a cover over it, or puts it under a bed, but he puts it on its table, so that those who come in may see the light.
ουδεις δε λυχνον αφας καλυπτει αυτον σκευει η υποκατω κλινης τιθησιν αλλ επι λυχνιας επιτιθησιν ινα οι εισπορευομενοι βλεπωσιν το φως
- 17 Nanpwen anyen ki kache ki p'ap devwale, nanpwen sekrè pou moun pa rive konnen, ki p'ap parèt aklè.
For nothing is put out of view which will not be made clear, and nothing is secret of which the knowledge will not come to light.
ου γαρ εστιν κρυπτον ο ου φανερον γενησεται ουδε αποκρυφον ο ου γνωσθησεται και εις φανερον ελθη
- 18 Se poutèt sa, fè atansyon jan n'ap tande pawòl la. Paske, moun ki genyen deja a, y'a ba li ankò. Men, moun ki pa gen anyen an, y'a wete nan men l' menm ti sa l' te kwè li te genyen an.
So take care how you give hearing, for to him who has will be given, and from him who has not will be taken even what he seems to have.
βλεπετε ουν πως ακουετε ος γαρ αν εχη δοθησεται αυτω και ος αν μη εχη και ο δοκει εχειν αρθησεται απ αυτου
- 19 Manman Jezi ak frè l' yo te vin kote li. Men, yo pa t' kapab rive pre li akòz foul moun yo.
And his mother and his brothers came to him, and they were not able to get near him because of the great number of people.
παρεγενοντο δε προς αυτον η μητηρ και οι αδελφοι αυτου και ουκ ηδυναντο συντυχειν αυτω δια τον οχλον
- 20 Moun yo di l' konsa: Men manman ou ak frè ou yo deyò a. Yo anvì wè ou.
And someone said to him, Your mother and your brothers are outside desiring to see you.
και απηγγελη αυτω λεγοντων η μητηρ σου και οι αδελφοι σου εστηκασιν εξω ιδειν σε θελοντες
- 21 Men, Jezi di yo tout: Manman m' ak frè m', se moun ki koute pawòl Bondye a epi ki fè sa pawòl la di.
But he said to them in answer, My mother and my brothers are those who have knowledge of the word of God and do it.
ο δε αποκριθεις ειπεν προς αυτους μητηρ μου και αδελφοι μου ουτοι εισιν οι τον λογον του θεου ακουοντες και ποιουντες αυτον
- 22 ¶ Yon jou, Jezi moute nan yon kannòt ak disip li yo. Li di yo: Ann janbe lòt bò letan an. Lamenn yo pati.
Now it came about on one of those days that he got into a boat with his disciples; and he said to them, Let us go over to the other side of the water: and they put out the boat.
και εγενετο εν μια των ημερων και αυτος ενεβη εις πλοιον και οι μαθηται αυτου και ειπεν προς αυτους διελθωμεν εις το περαν της λιμνης και ανηχθησαν
- 23 Pandan yo t'ap navige, dòmi pran Jezi. Yon gwo van vin leve sou letan an, dlo kòmpanse plen kannòt la, kifè lavi yo tout te an danje.
But while they were sailing he went to sleep: and a storm of wind came down on the sea, and the boat became full of water and they were in danger.
πλεοντων δε αυτων αφυπνωσεν και κατεβη λαιλαψ ανεμου εις την λιμνην και συνεπληρουοντο και εκινδυνευον
- 24 Yo pwoche bò kot Jezi yo souke l', yo di li: Mèt, Mèt, se mouri n'ap mouri wi! Jezi leve, li pale byen fò ak van an ansanm ak lanm lanmè yo: tout bagay vin byen trankil, yon gwo kalmi fèt.
Then they came to him and, awaking him out of his sleep, said, Master, Master, destruction is near. And he, when he was awake, gave orders to the wind and the rolling waves, and the storm came to an end, and all was calm.
προσελθοντες δε διηγειραν αυτον λεγοντες επιστατα επιστατα απολλυμεθα ο δε εγερθεις επιτιμησεν τω ανεμω και τω κλυδωνι του υδατος και επαυσαντο και εγενετο γαληνη
- 25 Epi Jezi di yo: Kote konfyans nou ye? Men, yo te pè, yo te sezi. Yonn t'ap di lòt konsa: Ki moun li ye menm? Li kòmmande menm van ak lanmè, yo obeyi li.
And he said to them, Where is your faith? And fear and wonder overcame them, and they said to one another, Who then is this, who gives orders even to the winds and the water and they do what he says?
ειπεν δε αυτοις που εστιν η πιστις υμων φοβηθεντες δε εθαυμασαν λεγοντες προς αλληλους τις αρα ουτος εστιν οτι και τοις ανεμοις επιτασσει και τω υδατι και υπακουουσιν αυτω
- 26 Yo fè tè nan peyi Jerazenyen yo ki lòt bò letan an, vizaviz ak Galile.
And they came to the country of the Gerasenes, which is opposite Galilee.
και κατεπλευσαν εις την χωραν των γαδαρηνων ητις εστιν αντιπεραν της γαλιλαιας
- 27 Jezi desann atè. Lamenn yon nonm lavil la vin devan l': nonm lan te gen anpil move lespri sou li. Depi lontan li pa t' janm vle mete rad sou li, ni li pa t' vle rete nan ankenn kay, se nan mitan tonm mò yo li t'ap viv.
And when he had come to the land, there came to him a certain man from the town who had evil spirits; and for a long time he had had no clothing on, and was not living in a house but in the place of the dead.
εξελθοντι δε αυτω επι την γην υπηνητησεν αυτω ανηρ τις εκ της πολεως ος ειχεν δαιμονια εκ χρονων ικανων και ιματιον ουκ ενεδιδυσκετο και εν οικια ουκ εμενεν αλλ εν τοις μνημασι

- 28 Lè l' wè Jezi, li bay yon gwo rèl, li lage kò l' atè devan Jezi, li pran pale byen fò, li di li konsa: Kisa m' gen avè ou, Jezi, Pitit Bondye ki anwo nan syèl la? Tanpri souple, pa fè m' soufri.
And when he saw Jesus, he gave a loud cry and went down on the earth before him and in a loud voice said, What have I to do with you, Jesus, Son of the Most High God? Do not be cruel to me.
 ιδων δε τον ιησουν και ανακραξας προσεπεσεν αυτω και φωνη μεγαλη ειπεν τι εμοι και σοι ιησου υιε του θεου του υψιστου δεομαι σου μη με βασανισης
- 29 Li te pale konsa paske Jezi te pase move lespri a lòd pou li soti sou nonm lan. Anpil fwa, lespri a te vin sou li: lè konsa, yo te konn mare tou de men l' ak tou de pye l' ak chenn pou l' pa t' kouri. Men, li te jwenn mwayen pete chenn yo epi move lespri a te mennen l' ale nan dezè.
For he gave an order to the evil spirit to come out of the man. For frequently it would take a grip of him: and he was kept under control, and prisoned with chains; but parting the chains in two, he would be sent by the driving of the evil spirit into waste places.
 παρηγγελλεν γαρ τω πνευματι τω ακαθαρτω εξελθειν απο του ανθρωπου πολλοις γαρ χρονις συνηρπακει αυτον και εδεσμειωτο αλυσειν και πεδαις φυλασσομενος και διαρρησσων τα δεσμα ηλανυετο υπο του δαιμονος εις τας ερημους
- 30 Jezi mande li: Ki jan ou rele? Li reponn: Yo rele m' Rejiman. Li di sa paske se anpil move lespri ki te sou nonm lan.
And Jesus said to him, What is your name? And he said, Legion; for a number of spirits had gone into him.
 επηρωτησεν δε αυτον ο ιησους λεγων τι σοι εστιν ονομα ο δε ειπεν λεγων οτι δαιμονια πολλα εισηλθεν εις αυτον
- 31 Lespri yo t'ap mande Jezi: Tanpri souple, pa voye n' ale nan gwo twou san fon an.
And they made a request to him that he would not give them an order to go away into the deep.
 και παρεκαλει αυτον ινα μη επιταξη αυτοις εις την αβυσσον απελθειν
- 32 Sou ti mòn lan te gen yon bann kochon ki t'ap chache manje pou yo manje. Move lespri yo pran mande Jezi: Tanpri souple, kite nou antre nan kochon sa yo. Jezi ba yo pèmisyon sa a.
Now there was a great herd of pigs in that place, getting food on the mountain: and the evil spirits made a request to him that he would let them go into the pigs, and he let them.
 ην δε εκει αγελη χοιρων ικανων βοσκομενων εν τω ορει και παρεκαλουν αυτον ινα επιτρεψη αυτοις εις εκεινους εισελθειν και επετρεψεν αυτοις
- 33 Lè sa a, move lespri yo soti sou nonm lan, yo antre nan kochon yo. Lamenn tout bann kochon yo pran degrengole desann bò falèz la, y' al neye tèt yo nan letan an.
And the evil spirits came out of the man and went into the pigs: and the herd went rushing down a sharp slope into the water and came to destruction.
 εξελθοντα δε τα δαιμονια απο του ανθρωπου εισηλθεν εις τους χοιρους και ωρμησεν η αγελη κατα του κρημνου εις την λιμνην και απεπνιγη
- 34 Moun ki t'ap gade kochon yo, lè yo wè sak te rive, yo pran kouri, yo gaye nouvèl la nan lavil la kou andeyò.
And when the men who took care of them saw what had come about, they went quickly and gave news of it in the town and the country.
 ιδοντες δε οι βοσκοντες το γεγενημενον εφυγον και απελθοντες απηγγειλαν εις την πολιν και εις τους αγρους
- 35 Moun soti pou y' al wè sak te pase. Lè yo rive kote Jezi te ye a, yo jwenn nonm lan: move lespri yo te soti sou li, li te chita nan pye Jezi byen abiye ak tout bon sans li sou li. Yo tout te pè.
And they went out to see what had taken place, and they came to Jesus and saw the man out of whom the evil spirits had gone, seated, clothed and with full use of his senses, at the feet of Jesus; and fear came on them.
 εξηλθον δε ιδειν το γεγονος και ηλθον προς τον ιησουν και ευρον καθημενον τον ανθρωπον αφ ου τα δαιμονια εξηληλυθει ιματισμενος και σωφρονουντα παρα τους ποδας του ιησου και εφοβηθησαν
- 36 Moun ki te asiste bagay la mete rakonte yo ki jan nonm ki te gen move lespri sou li a te geri.
And those who had seen it gave them an account of how the man who had the evil spirits was made well.
 απηγγειλαν δε αυτοις και οι ιδοντες πως εσωθη ο δαιμονισθεις
- 37 Lè sa a, tout moun nan peyi Jerazenyen yo mande Jezi pou li al fè wout li kite peyi a, paske yo te pè anpil. Jezi moute nan kannòt la pou l' ale.
And all the people of the country of the Gerasenes made a request to him to go away from them; for they were in great fear: and he got into a boat and went back.
 και ηρωτησαν αυτον απαν το πληθος της περιχωρου των γαδαρηνων απελθειν απ αυτων οτι φοβω μεγαλω συνειχοντο αυτος δε εμβας εις το πλοιον υπεστρεψεν
- 38 Nonm ki te gen move lespri soti sou li a mande l' pou li ale avèk li tou. Men, Jezi voye l' ale, li di li:
But the man from whom the evil spirits had gone out had a great desire to be with him, but he sent him away, saying,
 εδεετο δε αυτου ο ανηρ αφ ου εξηληλυθει τα δαιμονια ειναι συν αυτω απελυσεν δε αυτον ο ιησους λεγων
- 39 Tounen lakay ou; al rakonte tou sa Bondye fè pou ou. Nonm lan pati, li mache fè konnen tou sa Jezi te fè pou li nan tout lavil la.
Go back to your house and let them have news of all the great things which God has done for you. And he went away, giving word through all the town of the great things which Jesus had done for him.
 υποστρεφε εις τον οικον σου και διηγου οσα εποιησεν σοι ο θεος και απηλθεν καθ ολην την πολιν κηρυσσων οσα εποιησεν αυτω ο ιησους
- 40 ¶ Lè Jezi tounen lòt bò letan an, yon foul moun resevwa l', paske tout moun t'ap tann li.
And when Jesus went back, the people were glad to see him, for they were all waiting for him.
 εγενετο δε εν τω υποστρεψαι τον ιησουν απεδεξατο αυτον ο οχλος ησαν γαρ παντες προσδοκωντες αυτον

- 41 Yon nonm yo rele Jayiris vin rive. Se li ki te chèf sinagòg la. Li lage kò l' nan pye Jezi, li mande li: Tanpri souple, ann al lakay.
Then there came a man named Jairus, who was a ruler in the Synagogue: and he went down at the feet of Jesus, desiring him to come to his house;
και ιδου ηλθεν ανηρ ω ονομα ιαιριος και αυτος αρχων της συναγωγης υπηρχεν και πεσων παρα τους ποδας του ιησου παρεκαλει αυτον εισελθειν εις τον οικον αυτου
- 42 Mwen gen yon tifi douzan ki sèl pitit fi m', mwen kite l' prèt pou mouri. Pandan Jezi tapral lakay Jayiris, yon foul moun t'ap kwense l' toupatou.
For he had an only daughter, about twelve years old, and she was near to death. But while he was on his way, the people were pushing to be near him.
οτι θυγατηρ μονογενης ην αυτω ως ετων δωδεκα και αυτη απεθνησκειν εν δε τω υπαγειν αυτον οι οχλοι συνεπνιγον αυτον
- 43 Te gen yon fanm nan foul moun yo ki te malad: Depi douzan li t'ap pèdi san. Li te fin depanse tout byen l' kay dòktè, san yo yonn pa t' kapab geri li.
And a woman, who had had a flow of blood for twelve years, and had given all her money to medical men, and not one of them was able to make her well,
και γυνη ουσα εν ρυσει αιματος απο ετων δωδεκα ητις εις ιατρους προσαναλωσασα ολον τον βιον ουκ ισχυσεν υπ ουδενος θεραπευθηναι
- 44 Li pwoche pa dèyè, li manyen ke rad Jezi. Latou, san an rete.
Came after him and put her hand on the edge of his robe, and straight away the flowing of her blood was stopped.
προσελθουσα οπισθεν ηψατο του κρασπεδου του ιματιου αυτου και παραχρημα εστη η ρυσις του αιματος αυτης
- 45 Jezi mande: Ki moun ki manyen m' lan? Tout moun pran di se pa yo. Lè sa a, Pyè di li: Men, Mèt, se nan mitan yon foul moun ou ye, moun ap kwense ou tout jan.
And Jesus said, Who was touching me? And when they all said, It is not I, Peter and those who were with him said, Master, the people are pushing round you on every side.
και ειπεν ο ιησους τις ο αφαμενος μου αρνουμενων δε παντων ειπεν ο πετρος και οι μετ αυτου επιστατα οι οχλοι συνεχουσιν σε και αποθλιβουσιν και λεγεις τις ο αφαμενος μου
- 46 Men, Jezi reponn li: Mwen di ou gen yon moun ki manyen m', paske mwen santi yon fòs soti sou mwen.
But Jesus said, Someone was touching me, for I had the feeling that power had gone out from me.
ο δε ιησους ειπεν ηψατο μου τις εγω γαρ εγνων δυναμιν εξελθουσαν απ εμου
- 47 Lè sa a, fanm lan wè yo te dekouvri l', li pran tranble kou yon fèy bwa, li vin lage kò l' nan pye Jezi, li pran rakonte devan tout pèp la poukisa li te manyen l', ki jan li te geri menm lè a tou.
 For every man who gives himself a high place will be put down, but he who takes a low place will be lifted up.
 οτι πας ο υψων εαυτον ταπεινωθησεται και ο ταπεινων εαυτον υψωθησεται

- 12 Jezi pale ak moun ki te envite l' la. Li di li: Lè w'ap fè yon fèt, piti ou gwo, pa envite ni zanmi ou, ni frè ou, ni fanmi ou, ni vwazen ou yo ki rich. Paske, yon lè y'a envite ou tou. Konsa, se tankou si yo ta renmèt ou sa ou te fè a.
 And he said to the master of the house, When you give a feast, do not send for your friends and your brothers and your family or your neighbours who have wealth, for they may give a feast for you, and so you will get a reward.
 ελεγεν δε και τω κεκληκοτι αυτον οταν ποιης αριστον η δειπνον μη φωνει τους φιλους σου μηδε τους αδελφους σου μηδε τους συγγενεις σου μηδε γειτονας πλουσιους μηποτε και αυτοι σε αντικαλεσωσιν και γενηται σοι ανταποδομα
- 13 Men, lè w'ap fè yon fèt, envite pòn yo, enfim yo, moun k'ap bwete, moun avèg yo.
 But when you give a feast, send for the poor and the blind and those who are broken in body:
 αλλ οταν ποιης δοχην καλει πτωχους αναπηρους χωλους τυφλους
- 14 Konsa, se va yon benediksyon, paske yo p'ap kapab rann ou laparèy. Se Bondye ki va renmèt ou sa lè tout moun ki fè byen yo va leve soti vivan nan lanmò.
 And you will have a blessing, because they will not be able to give you any payment, and you will get your reward when the upright come back from the dead.
 και μακαριος εση οτι ουκ εχουσιν ανταποδουнай σοι ανταποδοθησεται γαρ σοι εν τη αναστασει των δικαιων
- 15 ¶ Lè l' tande pawòl sa yo, yonn nan moun ki te chita bò tab la di Jezi konsa: Se va yon gwo benediksyon pou moun ki va chita bò tab pou manje nan peyi kote Bondye Wa a.
 And, hearing these words, one of those who were at table with him said to him, Happy is the man who will be a guest in the kingdom of God.
 ακουσας δε τις των συνακακειμενων ταυτα ειπεν αυτω μακαριος ος φαγεται αρτον εν τη βασιλεια του θεου
- 16 Jezi reponn li: Vwala, se te yon nonm ki te fè yon gwo fèt, li te envite anpil moun.
 And he said to them, A certain man gave a great feast, and sent word of it to a number of people.
 ο δε ειπεν αυτω ανθρωπος τις εποιησεν δειπνον μεγα και εκαλεσεν πολλους
- 17 Lè pou fèt la kòmanse, li voye domestik li di envite yo: Vini non, tout bagay fin pare koulè a.
 And when the time had come, he sent his servants to say to them, Come, for all things are now ready.
 και απεστειλεν τον δουλον αυτου τη ωρα του δειπνου ειπεν τοις κεκλημενοις ερχεσθε οτι ηδη ετοιμα εστιν παντα
- 18 Men, tout envite yo, yonn apre lòt, pran fè eskiz. Premye a di li: Mwen fèk achte yon tè, fòk m' al wè li. Tanpri, eskize mwen.
 And they all gave reasons why they were not able to come. The first said to him, I have got a new field, and it is necessary for me to go and see it: I am full of regret that I am unable to come.
 και ηρξαντο απο μιας παραιτεισθαι παντες ο πρωτος ειπεν αυτω αγρον ηγορασα και εχω αναγκην εξελθειν και ιδειν αυτον ερωτω σε εχε με παρητημενον
- 19 Yon lòt di li: Mwen fèk achte senk pè bèf; mwen pral seye yo. Tanpri, eskize mwen.
 And another said, I have got some cattle, and I am going to make a test of them: I am full of regret that I am unable to come.
 και ετερος ειπεν ζευγη βοων ηγορασα πεντε και πορευομαι δοκιμασαι αυτα ερωτω σε εχε με παρητημενον
- 20 Yon lòt di: Mwen fèk sot marye, se poutèt sa mwen pa ka ale.
 And another said, I have been married, and so I am not able to come.
 και ετερος ειπεν γυναικα εγημα και δια τουτου ου δυναμαι ελθειν
- 21 Domestik la tounen, li rapòte tout repons sa yo bay mèl li. Lè sa a, mèl kay la vin ankòlè; li di domestik la: Ale vit sou tout plas yo ak nan tout lari, mennen tout pòn yo vin isit, tout enfim yo, tout moun avèg ak moun k'ap bwete yo.
 And the servant came back and gave his master an account of these things. Then the master of the house was angry and said to the servant, Go out quickly into the streets of the town and get the poor, the blind, and those who are broken in body.
 και παραγενομενος ο δουλος εκεινος απηγγειλεν τω κυριω αυτου ταυτα τοτε οργισθεις ο οικοδεσποτης ειπεν τω δουλω αυτου εξελθε ταχεως εις τας πλατειας και ρυμας της πολεως και τους πτωχους και αναπηρους και χωλους και τυφλους εισαγαγε ωδε
- 22 Apre sa, domestik la di: Mèt, nou fè tou sa ou te mande nou fè, men gen plas toujou.
 And the servant said, Lord, your orders have been done, and still there is room.
 και ειπεν ο δουλος κυριε γεγονεν ως επεταξας και ετι τοπος εστιν
- 23 Mèt la di domestik la: Ale nan gran chemen ak nan tout ti wout. Mezi moun wa jwenn, fè yo antre pou kay mwen an ka plen.
 And the lord said to the servant, Go out into the roads and the fields, and make them come in, so that my house may be full.
 και ειπεν ο κυριος προς τον δουλον εξελθε εις τας οδους και φραγμας και αναγκασον εισελθειν ινα γεμισθη ο οικος μου

- 24 Paske, m'ap di nou sa: Nan moun mwen te envite yo, pa gen yon sèl ladan yo k'ap goute nan manje m' lan.
For I say to you that not one of those who were requested to come will have a taste of my feast.
λεγω γαρ υμιν οτι ουδεις των ανδρων εκεινων των κεκλημενων γευσεται μου του δειπνου
- 25 ¶ Lè sa a, te gen anpil anpil moun ki t'ap fè wout ansanm ak Jezi. Li vire, li di yo:
Now a great number of people went with him.
συνεπορευοντο δε αυτω οχλοι πολλοι και στραφεις ειπεν προς αυτους
- 26 Yon moun ki vin jwenn mwen, si li pa rayi papa l', manman l', pitit li, frè l', sè l', menm pwòp tèt pa l', li pa kapab disip mwen.
And turning round, he said to them, If any man comes to me, and has not hate for his father and mother and wife and children and brothers and sisters, and even for his life, he may not be my disciple.
ει τις ερχεται προς με και ου μισει τον πατερα εαυτου και την μητερα και την γυναικα και τα τεκνα και τους αδελφους και τας αδελφας ετι δε και την εαυτου ψυχη ου δυναται μου μαθητης ειναι
- 27 Moun ki pa pote kwa l' epi ki pa swiv mwen, li pa kapab disip mwen non plis.
Whoever does not take up his cross and come after me may not be my disciple.
και οστις ου βασταζει τον σταυρον αυτου και ερχεται οπισω μου ου δυναται μου ειναι μαθητης
- 28 Si yonn nan nou vle fè yon gwo batisman, premye bagay pou l' fè: se pou l' chita pou l' kalkile konbe sa pral koute l' pou l' wè si li gen kont lajan pou l' fin fè travay la.
For which of you, desiring to put up a tower, does not first give much thought to the price, if he will have enough to make it complete?
τις γαρ εξ υμων θελων πυργον οικοδομησαι ουχι πρωτον καθισας ψηφιζει την δαπανην ει χει τα προς απαρτισμον
- 29 Si l' pa fè sa, l'ap fin poze fondasyon an, epi l' p'ap ka fini batisman an. Lè sa a, tout moun ki va wè sa va pran pase l' nan betiz.
For fear that if he makes a start and is not able to go on with it to the end, all who see it will be laughing at him,
ινα μηποτε θεντος αυτου θεμελιον και μη ισχυοντος εκτελεσαι παντες οι θεωρουντες αρξωνται εμπαιζειν αυτο
- 30 Y'a di: Nonm lan kòmanse bati, men li pa kapab fini.
And saying, This man made a start at building and is not able to make it complete.
λεγοντες οτι ουτος ο ανθρωπος ηρξατο οικοδομειν και ουκ ισχυσεν εκτελεσαι
- 31 Konsa tou, si yon wa vle fè lagè ak yon lòt wa, premye bagay pou l' fè: l'ap chita pou l' egzaminen bagay la byen, pou l' wè si, avèk dimil (10.000) òm, li kapab mache kontre lòt wa a k'ap mache sou li ak venmil (20.000) òm.
Or what king, going to war with another king, will not first take thought if he will be strong enough, with ten thousand men, to keep off him who comes against him with twenty thousand?
η τις βασιλευς πορευομενος συμβαλειν ετερω βασιλει εις πολεμον ουχι καθισας πρωτον βουλευεται ει δυνατος εστιν εν δεκα χιλιασιν απαντησαι τω μετα εικοσι χιλιαδων ερχομενω επ αυτον
- 32 Si li pa kapab, antan lòt wa a lwen toujou, l'ap voye kèk mesajè bò kote l' pou mande l' fè aranjman.
Or while the other is still a great distance away, he sends representatives requesting conditions of peace.
ει δε μηγε ετι αυτου πορρω οντος πρεσβειαν αποστειλας ερωτα τα προς ειρηνην
- 33 Jezi di yo ankò: Konsa tou, nou yonn la a pa kab disip mwen, si l' pa detache kè l' sou tou sa l' genyen.
And so whoever is not ready to give up all he has may not be my disciple.
ουτως ουν πας εξ υμων ος ουκ αποτασσειται πασιν τοις εαυτου υπαρχουσιν ου δυναται μου ειναι μαθητης
- 34 Sèl, se yon bon bagay; men si sèl la pèdi gou l', ak kisa pou n' fè l' sale ankò?
For salt is good, but if the taste goes from it, of what use is it?
καλον το αλας εαν δε το αλας μορανθη εν τινι αρτυθησεται
- 35 Lè sa a, sèl la pa bon pou mete ni nan jaden ni nan fimye, se jete pou yo voye sa jete. Si nou gen zòrèy pou n' tande, tande.
It is no good for the land or for the place of waste; no one has a use for it. He who has ears, let him give ear.
ουτε εις γην ουτε εις κοπριαν ευθετον εστιν εξω βαλλουσιν αυτο ο εχων ωτα ακουειν ακουετω
- 1 ¶ Tout pèseptè kontribisyon yo ak moun k'ap fè sa ki mal yo t'ap pwoche bò kot Jezi pou tande sa l' t'ap di.
Now all the tax-farmers and sinners came near to give ear to him.
ησαν δε εγγιζοντες αυτω παντες οι τελωναι και οι αμαρτωλοι ακουειν αυτου

- 2 Farizyen yo ak dirèktè lalwa yo t'ap babye. Yo t'ap di: Nonm sa a ap resevwa moun k'ap fè sa ki mal, epi l'ap manje ak yo.
And the Pharisees and scribes were angry, saying, This man gives approval to sinners, and takes food with them.
 και διεγογγυζον οι φαρισαιοι και οι γραμματαις λεγοντες οτι ουτος αμαρτωλους προσδεχεται και συνεσθιει αυτοις
- 3 Lè sa a, Jezi di yo parabòl sa a:
And he made a story for them, saying,
 ειπεν δε προς αυτους την παραβολην ταυτην λεγων
- 4 Sipoze yonn nan nou gen san (100) mouton. Si l' pèdi yonn ladan yo, èske li p'ap kite katrevendisnèf lòt mouton yo nan dezè a, pou li al dèyè sak pèdi a? L'ap chache l' jouk li jwenn li.
What man of you, having a hundred sheep, if one of them gets loose and goes away, will not let the ninety-nine be in the waste land by themselves, and go after the wandering one, till he sees where it is?
 τις ανθρωπος εξ υμων εχων εκατον προβατα και απολεσας εν εξ αυτων ου καταλειπει τα εννηνηκονταεννεα εν τη ερημω και πορευεται επι το απολωλος εως ευρη αυτο
- 5 Lè l' jwenn li, l'ap mete l' sou zepòl li ak kè kontan.
And when he has got it again, he takes it in his arms with joy.
 και ευρων επιτιθησιν επι τους ωμους εαυτου χαιρων
- 6 Lè l' tounen lakay li avè l', l'ap rele tout zanmi l' ak tout vwazen l' yo, l'ap di yo: vin fè fèt avè m', mwen jwenn mouton m' ki te pèdi a.
And when he gets back to his house, he sends for his neighbours and friends, saying to them, Be glad with me, for I have got back my sheep which had gone away.
 και ελθων εις τον οικον συγκαλει τους φιλους και τους γειτονας λεγων αυτοις συχαρητε μοι οτι ευρον το προβατον μου το απολωλος
- 7 Konsa tou, m'ap di nou, va gen plis kontantman nan syèl la pou yon sèl moun ki t'ap fè sa ki mal epi ki tounen vin jwenn Bondye, pase pou katrevendisnèf moun k'ap mache dwat, ki pa bezwen tounen vin jwenn Bondye.
I say to you that even so there will be more joy in heaven when one sinner is turned away from his wrongdoing, than for ninety-nine good men, who have no need of a change of heart.
 λεγω υμιν οτι ουτως χαρα εσται εν τω ουρανω επι ενι αμαρτωλω μετανοουντι η επι εννηνηκονταεννεα δικαιοις οιτινες ου χρειαν εχουσιν μετανοιας
- 8 Osinon ankò, sipoze yon fanm ki gen dis pyès lajan. Si li pèdi yonn ladan yo, èske li p'ap limen lanp, bale tout kay la, chache nan tout ti kwen jouk li jwenn li?
Or what woman, having ten bits of silver, if one bit has gone from her hands, will not get a light, and go through her house, searching with care till she sees it?
 η τις γυνη δραχμας εχουσα δεκα εαν απολεση δραχμην μιαν ουχι απτει λυχνον και σαροι την οικιαν και ζητει επιμελως εως οτου ευρη
- 9 Lè l' jwenn li, l'ap rele zanmi l' ak vwazen li yo, l'ap di yo: vin fè fèt avè m'; mwen jwenn pyès lajan m' ki te pèdi a.
And when she has it again, she gets her friends and neighbours together, saying, Be glad with me, for I have got back the bit of silver which had gone from me.
 και ευρουσα συγκαλειται τας φίλας και τας γειτονας λεγουσα συχαρητε μοι οτι ευρον την δραχμην ην απωλεσα
- 10 Konsa tou, m'ap di nou sa, gen kontantman nan mitan zanj Bondye yo pou yon sèl moun ki t'ap viv nan peche epi ki tounen vin jwenn Bondye.
Even so, I say to you, There is joy among the angels of God, when one sinner is turned away from his wrongdoing.
 ουτως λεγω υμιν χαρα γινεται ενωπιον των αγγελων του θεου επι ενι αμαρτωλω μετανοουντι
- 11 ¶ Jezi di ankò: Vwala, se te yon nonm ki te gen de pitit gason.
And he said, A certain man had two sons:
 ειπεν δε ανθρωπος τις ειχεν δυο υιους
- 12 Pi piti a di papa l': Papa, ban m' pa m' nan byen nou yo. Lè sa a, papa a separe byen l' yo bay tou de.
And the younger of them said to his father, Father, give me that part of your property which will be mine. And he made division of his goods between them.
 και ειπεν ο νεωτερος αυτων τω πατρι πατερ δος μοι το επιβαλλον μερος της ουσιας και διειλεν αυτοις τον βιον
- 13 Kèk jou apre, ti gason an ranmase tout afè l', li pati, li ale nan yon peyi byen lwen. Antan li la, li lage kò l' nan banbòch, li gaspiye tout lajan l'.
And not long after, the younger son got together everything which was his and took a journey into a far-away country, and there all his money went in foolish living.
 και μετ ου πολλας ημερας συναγαγων απαντα ο νεωτερος υιος απεδημησεν εις χωραν μακραν και εκει διεσκορπισεν την ουσιαν αυτου ζων ασωτως
- 14 Lè msye fin depanse tout lajan l', yon gwo grangou tonbe sou peyi a. Lè sa a, li vin nan nesosite.
And when everything was gone, there was no food to be had in that country, and he was in need.
 δαπανησαντος δε αυτου παντα εγενετο λιμος ισχυρος κατα την χωραν εκεινην και αυτος ηρξατο υστερεισθαι

- 15 li al mande travay lakay yon abitan nan peyi a. Abitan an voye l' nan jaden l' al gade kochon.
 And he went and put himself into the hands of one of the people of that country, and he sent him into his fields to give the pigs their food.
 και πορευθεις εκολληθη ενι των πολιτων της χωρας εκεινης και επεμψεν αυτον εις τους αγρους αυτου βοσκειν χοιρους
- 16 Lè sa a, li ta byen renmen plen vant li ak sa kochon yo t'ap manje a, men pesonn pa t' ba li.
 And so great was his need that he would have been glad to take the pigs' food, and no one gave him anything.
 και επεθυμει γεμισαι την κοιλιαν αυτου απο των κερατιων ων ησθιον οι χοιροι και ουδεις εδιδου αυτω
- 17 Se lè sa a atò li pran kalkile sou sitiyaasyon l'. Li di konsa: Gade kantite moun k'ap travay kay papa m' pou lajan! Yo jwenn manje depase sa yo ka manje. Epi mwen menm, m'ap mouri grangou isit la.
 But when he came to his senses, he said, What numbers of my father's servants have bread enough, and more, while I am near to death here through need of food!
 εις αυτον δε ελθον ειπεν ποσοι μισθιοι του πατρος μου περισσεουσιν αρτων εγω δε λιμο απολλυμαι
- 18 M'ap leve, mwen pral tounen jwenn papa m', m'ap di li: Papa, mwen peche kont Bondye, mwen peche kont ou menm tou.
 I will get up and go to my father, and will say to him, Father, I have done wrong, against heaven and in your eyes:
 αναστας πορευσομαι προς τον πατερα μου και ερω αυτω πατερ ημαρτον εις τον ουρανον και ενωπιον σου
- 19 Mwen pa merite pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò. Gade m' tankou yonn nan moun k'ap travay avè ou yo.
 I am no longer good enough to be named your son: make me like one of your servants.
 και ουκετι ειμι αξιος κληθηναι υιος σου ποιησον με ως ενα των μισθιων σου
- 20 Li leve vre, li pran chemen tounen kay papa li. Msye te byen lwen kay la toujou lè papa a wè li. Kè papa a fè l' mal, li kouri al rankontre l', li pase men l' nan kou pitit la epi li bo li.
 And he got up and went to his father. But while he was still far away, his father saw him and was moved with pity for him and went quickly and took him in his arms and gave him a kiss.
 και αναστας ηλθεν προς τον πατερα εαυτου ετι δε αυτου μακραν απεχοντος ειδεν αυτον ο πατηρ αυτου και εσπλαγχισθη και δραμων επεπεσεν επι τον τραχηλον αυτου και κατεφιλησεν αυτον
- 21 Pitit la di li: Papa, mwen peche kont Bondye, mwen peche kont ou menm tou; mwen pa merite pou ou konsidere m' pou pitit ou ankò.
 And his son said to him, Father, I have done wrong, against heaven and in your eyes: I am no longer good enough to be named your son.
 ειπεν δε αυτω ο υιος πατερ ημαρτον εις τον ουρανον και ενωπιον σου και ουκετι ειμι αξιος κληθηναι υιος σου
- 22 Men, papa a di domestik li yo: Ale vit. Pote pi bèl rad la, mete l' sou li pou mwen. Mete yon bag nan dwèt li, mete soulye nan pye li.
 But the father said to his servants, Get out the first robe quickly, and put it on him, and put a ring on his hand and shoes on his feet:
 ειπεν δε ο πατηρ προς τους δουλους αυτου εξενεγκατε την στολην την πρωτην και ενδυσατε αυτον και δοτε δακτυλιον εις την χειρα αυτου και υποδηματα εις τους ποδας
- 23 Al chache jenn ti towou nou t'ap angrese a, touye l'. Ann fete, ann manje.
 And get the fat young ox and put it to death, and let us have a feast, and be glad.
 και ενεγκαντες τον μοσχον τον σιτευτον θυσατε και φαγοντες ευφρανθωμεν
- 24 Paske, pitit gason m' sa a te mouri, men li tounen vivan ankò; li te pèdi, koulye a mwen jwenn li. Epi, yo kòmanse fè fèt.
 For this, my son, who was dead, is living again; he had gone away from me, and has come back. And they were full of joy.
 οτι ουτος ο υιος μου νεκρος ην και ανεζησεν και απολωλως ην και ευρεθη και ηρξαντο ευφραινεσθαι
- 25 Lè sa a, pi gran gason an te nan jaden. Antan l'ap soti nan jaden, lè l' rive pre kay la, li tande mizik la ak vwa moun k'ap danse yo.
 Now the older son was in the field: and when he came near the house, the sounds of music and dancing came to his ears.
 ην δε ο υιος αυτου ο πρεσβυτερος εν αγρω και ως ερχομενος ηγγισεν τη οικια ηκουσεν συμφωνιας και χορων
- 26 Li rele yonn nan domestik yo, li mande li: Sak genyen?
 And he sent for one of the servants, questioning him about what it might be.
 και προσκαλεσαμενος ενα των παιδων αυτου επυνθανετο τι ειη ταυτα
- 27 Domestik la di li: Ti frè ou la tounen. Papa ou fè touye jenn ti towou nou t'ap angrese a, paske li jwenn msye an sante.
 And he said to him, Your brother has come; and your father has had the young ox put to death because he has come back safely.
 ο δε ειπεν αυτω οτι ο αδελφος σου ηκει και εθυσεν ο πατηρ σου τον μοσχον τον σιτευτον οτι υγιαινοντα αυτον απελαβεν
- 28 Gran frè a fè kòlè, li derefize antre nan kay la. Papa a soti, li mande l' pou l' antre.
 But he was angry and would not go in; and his father came out and made a request to him to come in.
 ωργισθη δε και ουκ ηθελεν εισελθειν ο συν πατηρ αυτου εξελθων παρεκαλει αυτον

- 29 Men, gran frè a reponn papa a: Gade tout tan mwen genyen depi m'ap sèvi ou; mwen pa janm derespekte lòd ou. Men, ou pa janm ban m' yon ti kabrit menm pou m' fè fèt ak zanmi m' yo.
But he made answer and said to his father, See, all these years I have been your servant, doing your orders in everything: and you never gave me even a young goat so that I might have a feast with my friends:
ο δε αποκριθεις ειπεν τω πατρι ιδου τοσαυτα ετη δουλευω σοι και ουδεποτε εντολην σου παρηλθον και εμοι ουδεποτε εδωκας εριφον ινα μετα των φιλων μου ευφρανθω
- 30 Men, lè pitit gason ou lan tounen, li menm ki fin gaspiye tout byen ou yo ak jennès, se pou li ou fè touye jenn towò nou t'ap angrese a.
But when this your son came, who has been wasting your property with bad women, you put to death the fat young ox for him.
οτε δε ο υιος σου ουτος ο καταφαγων σου τον βιον μετα πορων ηλθεν εθυσας αυτω τον μοσχον τον σιτευτον
- 31 Papa a di li: Pitit mwen, ou toujou la avè m'; tout sa m' genyen se pou ou.
And he said to him, Son, you are with me at all times, and all I have is yours.
ο δε ειπεν αυτω τεκνον συ παντοτε μετ εμου ει και παντα τα εμα σα εστιν
- 32 Men, fòk kanmenm nou te fè fèt, nou pa t' ka pa kontan, paske frè ou la te mouri, men li tounen vivan, li te pèdi, mwen jwenn li koulye a.
But it was right to be glad and to have a feast; for this your brother, who was dead, is living again; he had gone away and has come back.
ευφρανθηται δε και χαρηται εδει οτι ο αδελφος σου ουτος νεκρος ην και ανεζησεν και απολωλος ην και ευρεθη
- 1 ¶ Jezi di disp li yo: Vwala, se te yon nonm rich ki te gen yon jeran. Yo vin rapòte l' jan jeran an ap gaspiye tout byen l' yo.
And another time he said to the disciples, There was a certain man of great wealth who had a servant; and it was said to him that this servant was wasting his goods.
ελεγεν δε και προς τους μαθητας αυτου ανθρωπος τις ην πλουσιος ος ειχεν οικονομον και ουτος διεβληθη αυτω ως διασκορπιζων τα υπαρχοντα αυτου
- 2 Li rele jeran an, li di li: Kisa m' tande y'ap di sou ou konsa? vin fè regleman travay ou avè m', paske mwen p'ap kite byen m' yo sou kont ou ankò.
And he sent for him and said, What is this which is said about you? give me an account of all you have done, for you will no longer be the manager of my property.
και φωνησας αυτον ειπεν αυτω τι τουτο ακουω περι σου αποδος τον λογον της οικονομιας σου ου γαρ δυναση ετι οικονομειν
- 3 Jeran an di nan kè l': Patwon an pral kase m' nan djòb sa a; kisa m' pral fè koulye a? Mwen pa gen fòs pou m' al travay latè. Epi se va yon wont pou m' al mande charite!
And the servant said to himself, What am I to do now that my lord takes away my position? I have not enough strength for working in the fields, and I would be shamed if I made requests for money from people in the streets.
ειπεν δε εν εαυτω ο οικονομος τι ποιησω οτι ο κυριος μου αφαιρειται την οικονομιαν απ εμου σκαπτειν ουκ ισχυω επαιταιν αισχυνομαι
- 4 Bon, mwen konn sa m' pral fè pou lè m' pèdi djòb mwen m'a toujou gen moun ki pou resevwa m' lakay yo.
I have come to a decision what to do, so that when I am put out of my position they will take me into their houses.
εγνων τι ποιησω ινα οταν μετασταθω της οικονομιας δεξωνται με εις τους οικους αυτων
- 5 Jeran an fè rele tout moun ki te dwe mèt la, li fè yo vini yonn apre lòt. Li di premye a: Konbe ou dwe mèt la?
And sending for every one who was in debt to his lord he said to the first, What is the amount of your debt to my lord?
και προσκαλεσαμενος ενα εκαστον των χρωφειλετων του κυριου εαυτου ελεγεν τω πρωτω ποσον οφειλεις τω κυριο μου
- 6 Li reponn: Mwen dwe l' san (100) bidon lwil. Msye di l': Men papye ou la, chita, ekri senkant. Fè vit.
And he said, A hundred measures of oil. And he said, Take your account straight away and put down fifty.
ο δε ειπεν εκατον βατους ελαιου και ειπεν αυτω δεξαι σου το γραμμα και καθισας ταχεως γραφον πενητηκοντα
- 7 Apre sa, li di yon lòt; Ou menm, konbe ou dwe? Li reponn: San sak (100) mayi. Msye di l': Men papye ou la, ekri katreven.
Then he said to another, What is the amount of your debt? And he said, A hundred measures of grain. And he said to him, Take your account and put down eighty.
επειτα ετερω ειπεν συ δε ποσον οφειλεις ο δε ειπεν εκατον κορους σιτου και λεγει αυτω δεξαι σου το γραμμα και γραφον ογδοηκοντα
- 8 Nonm rich la fè jeran visye a konpliman dapre li te ajì ak ladrès sa a. Paske moun k'ap viv dapre prensip lemòn yo regle zafè yo pi byen pase moun ki gen limyè a.
And his lord was pleased with the false servant, because he had been wise; for the sons of this world are wiser in relation to their generation than the sons of light.
και επηνεσεν ο κυριος τον οικονομον της αδικιας οτι φρονιμως εποιησεν οτι οι υιοι του αιωνος τουτου φρονιμωτεροι υπερ τους υιους του φωτος εις την γενεαν την εαυτων εισιν
- 9 Jezi di yo ankò: Nou menm, men sa m'ap di nou: Bat pou nou fè zanmi ak richès ki sou latè. Konsa, lè richès nou va fini, y'a resevwa nou nan kay Bondye ki la pou tout tan an.
And I say to you, Make friends for yourselves through the wealth of this life, so that when it comes to an end, you may be taken into the eternal resting-places.
καγω υμιν λεγω ποιησατε εαυτοις φιλους εκ του μαμωνα της αδικιας ινα οταν εκλιπητε δεξωνται υμας εις τας αιωνιους σκηνας

- 10 Moun ki kenbe pawòl li nan tout ti bagay, la kenbe l' nan gwo bagay tou. Men, moun ki pa serye nan ti bagay, li p'ap serye nan gwo bagay non plis.
He who is true in a little, is true in much; he who is false in small things, is false in great.
ο πιστος εν ελαχιστω και εν πολλω πιστος εστιν και ο εν ελαχιστω αδικος και εν πολλω αδικος εστιν
- 11 Si ou pa sèvi byen ak richès ou gen sou latè, kilès ki va fè ou konfyans pou richès tout bon yo?
If, then, you have not been true in your use of the wealth of this life, who will give into your care the true wealth?
ει ουν εν τω αδικω μαμωνα πιστοι ουκ εγενεσθε το αληθινον τις υμιν πιστευσει
- 12 Si ou pa t' sèvi byen avèk sa ki te pou lòt moun, ki moun ki va ba ou sak pou ou a?
And if you have not been true in your care of the property of other people, who will give you that which is yours?
και ει εν τω αλλοτριω πιστοι ουκ εγενεσθε το υμετερον τις υμιν δωσει
- 13 Pesonn pa ka sèvi de mèt byen anmenmtan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi yonn byen, men l'ap meprize lòt la. Nou pa ka sèvi Bondye ak lajan anmenmtan.
No man may be a servant to two masters: for he will have hate for the one and love for the other; or he will keep to the one and have no respect for the other. You may not be servants of God and of wealth.
ουδεις οικειτης δυναται δυσι κυριοις δουλευειν η γαρ τον ενα μισησει και τον ετερον αγαπησει η ενος ανθεξεται και του ετερου καταφρονησει ου δυνασθε θεω δουλευειν και μαμωνα
- 14 Farizyen yo t'ap koute tout pawòl sa yo tou. Yo t'ap pase Jezi nan betiz paske yo te renmen lajan.
And the Pharisees, who had a great love of money, hearing these things, were making sport of him.
ηκουον δε ταυτα παντα και οι φαρισαιοι φιλαργυροι υπαρχοντες και εξεμυκτηριζον αυτον
- 15 Lè sa a Jezi di yo: Nou menm, n'ap chache parèt pou pi bon devan moun, men Bondye konnen sa ki nan kè nou. Bagay moun bay plis enpòtans, se yo Bondye pa vle wè.
And he said, You take care to seem right in the eyes of men, but God sees your hearts: and those things which are important in the opinion of men, are evil in the eyes of God.
και ειπεν αυτοις υμεις εστε οι δικαιουντες εαυτους ενωπιον των ανθρωπων ο δε θεος γνωσκει τας καρδιας υμων οτι το εν ανθρωποις υψηλον βδελυγμα ενωπιον του θεου εστιν
- 16 Kòmandman Moyiz ak liv pwofèt yo te gen fòs lalwa jouk tan Jan Batis te rive. Men, depi lè sa a, se anonse y'ap anonse bon nouvèl peyi kote Bondye Wa a, se nan goumen pou moun antre ladan li.
The law and the prophets were till John: but then came the preaching of the kingdom of God, and everyone makes his way into it by force.
ο νομος και οι προφηται εως ιωαννου απο τοτε η βασιλεια του θεου ευαγγελιζεται και πας εις αυτην βιαζεται
- 17 Men, l'ap pi fasil pou syèl la ak tè a disparèt pase pou yon sèl ti detay nan lalwa a pèdi valè li.
But heaven and earth will come to an end before the smallest letter of the law may be dropped out.
ευκοπωτερον δε εστιν τον ουρανον και την γην παρελθειν η του νομου μιαν κεραιαν πεσειν
- 18 Si yon nonm kite ak madanm li pou l' marye ak yon lòt, nonm sa a fè adiltè. Lè yon mari kite madanm li, si yon lòt nonm marye ak madanm lan, nonm sa a fè adiltè tou.
Everyone who puts away his wife and takes another, is a false husband: and he who is married to a woman whose husband has put her away, is no true husband to her.
πας ο απολυων την γυναικα αυτου και γαμων ετεραν μοιχευει και πας ο απολελυμενην απο ανδρος γαμων μοιχευει
- 19 ¶ Vwala, se te yon nonm rich ki te konn abiye ak bèl twal wouj e blan ki te koute chè. Chak jou, se te gwo fèt banbòch lakay li.
Now there was a certain man of great wealth, who was dressed in fair clothing of purple and delicate linen, and was shining and glad every day.
ανθρωπος δε τις ην πλουσιος και ενεδιδυσκετο πορφυραν και βυσσον ευφραινομενος καθ ημεραν λαμπρως
- 20 Te gen yon pòn yo rele Laza ki te kouche nan papòt nonm rich la. Laza te kouvri ak malennng.
And a certain poor man, named Lazarus, was stretched out at his door, full of wounds,
πτωχος δε τις ην ονοματι λαζαρος ος εβεβλητο προς τον πυλωνα αυτου ηλκωμενος
- 21 Li te byen anvi plen vant li ak bagay ki t'ap soti tonbe anba tab nonm rich la. Sa ki pi rèd, chen t'ap vin niche malennng li yo tou.
Desiring the broken bits of food which came from the table of the man of wealth; and even the dogs came and put their tongues on his wounds.
και επιθυμων χορτασθηναι απο των ψιχιων των πιπτοντων απο της τραπεζης του πλουσιου αλλα και οι κυνες ερχομενοι απειλιχον τα ελκη αυτου
- 22 Pòn la vin mouri, zanj Bondye yo pote l' mete bò kot Abraram nan syèl la. Nonm rich la mouri tou, yo antere li.
And in time the poor man came to his end, and angels took him to Abraham's breast. And the man of wealth came to his end, and was put in the earth.
εγενετο δε αποθανειν τον πτωχον και απενεχθηναι αυτον υπο των αγγελων εις τον κολπον του αβρααμ απεθανεν δε και ο πλουσιος και εταφη
- 23 Pandan l' te kote tout mò yo ye a nan mitan soufrans, li voye je l' byen lwen li wè Abraram ak Laza ansanm avèk li.
And in hell, being in great pain, lifting up his eyes he saw Abraham, far away, and Lazarus on his breast.
και εν τω αδη επαρας τους οφθαλμους αυτου υπαρχων εν βασανις ορα τον αβρααμ απο μακροθεν και λαζαρον εν τοις κολποις αυτου

- 24 Nonm rich la rele: Abraram papa, gen pitye pou mwen non! Voye Laza tranpe ti bout dwèt li nan yon ti tak dlò pou l' mete yon frechè sou lang mwen, paske se pa ti soufri m'ap soufri nan flann sa a.
And he gave a cry and said, Father Abraham, have mercy on me and send Lazarus, so that he may put the end of his finger in water and put it on my tongue, for I am cruelly burning in this flame.
και αυτος φωνησας ειπεν πατερ αβρααμ ελεησον με και πεμψον λαζαρον ινα βαψη το ακρον του δακτυλου αυτου υδατος και καταυξη την γλωσσαν μου οτι οδυνωμαι εν τη φλογι ταυτη
- 25 Abraram reponn li: Pitit mwen, chonje byen: ou te resewva tout bon bagay pa ou yo pandan ou te sou latè. Lè sa a menm, Laza te nan tout mizè li. Koulye a, li jwenn konsolasyon bò isit la, ou menm w'ap soufri.
But Abraham said, Keep in mind, my son, that when you were living, you had your good things, while Lazarus had evil things: but now, he is comforted and you are in pain.
ειπεν δε αβρααμ τεκνον μνησθητι οτι απελαβες συ τα αγαθα σου εν τη ζωη σου και λαζαρος ομοιος τα κακα νυν δε οδε παρακαλειται συ δε οδυνασαι
- 26 Epitou, gen yon gwo twou ki separe nou avè ou, konsa pa gen mwayen pou moun sot isit la pou y' al jwenn ou, osinon pou moun ta soti kote ou ye a pou vin jwenn nou.
And in addition, there is a deep division fixed between us and you, so that those who might go from here to you are not able to do so, and no one may come from you to us.
και επι πασιν τουτοις μεταξυ ημων και υμων χασμα μεγα εστηρικται οπως οι θελοντες διαβηνην εντευθεν προς υμας μη δυνωνται μηδε οι εκειθεν προς ημας διαπερωσιν
- 27 Nonm rich la di li: Tanpri, Abraram papa, voye Laza kay papa mwen.
And he said, Father, it is my request that you will send him to my father's house;
ειπεν δε ερωτω ουν σε πατερ ινα πεμψης αυτον εις τον οικον του πατρος μου
- 28 Mwen gen senk frè. Mwen ta vle li al di yo jan bagay la ye pou yo pa vin isit nan touman sa a.
For I have five brothers; and let him give them an account of these things, so that they may not come to this place of pain.
εχω γαρ πεντε αδελφους οπως διαμαρτυρηται αυτοις ινα μη και αυτοι ελθωσιν εις τον τοπον τουτον της βασανου
- 29 Abraram reponn li: Yo gen Moyiz ak pwofèt yo pou avèti yo, se pou yo koute yo.
But Abraham said, They have Moses and the prophets; let them give ear to what they say.
λεγει αυτω αβρααμ εχουσιν μωσεια και τους προφητας ακουσατωσαν αυτων
- 30 Li di li: Non, papa Abraram, yo p'ap koute. Men, si yonn nan mò yo al jwenn yo, y'a chanje lavi yo.
And he said, No, father Abraham, but if someone went to them from the dead, their hearts would be changed.
ο δε ειπεν ουχι πατερ αβρααμ αλλ εαν τις απο νεκρων πορευθη προς αυτους μετανοησουσιν
- 31 Lè sa a, Abraram di li: Si yo pa koute Moyiz ak pwofèt yo, yo p'ap kite pesonn lòt fè yo wè verite a. Li ta mèt yon mò ki ta leve vivan ankò, yo p'ap koute li.
And he said to him, If they will not give attention to Moses and the prophets, they will not be moved even if someone comes back from the dead.
ειπεν δε αυτω ει μωσσεως και των προφητων ουκ ακουουσιν ουδε εαν τις εκ νεκρων αναστη πεισθησονται
- 1 ¶ Jezi di disp li yo: Ap toujou gen bagay k'ap fèt ki pou fè moun fè peche. Men, malè pou moun ki lakòz bagay sa yo rive.
And he said to his disciples, It is necessary for causes of trouble to come about, but unhappy is he by whom they come.
ειπεν δε προς τους μαθητας ανεδεκτον εστιν του μη ελθειν τα σκανδαλα ουαι δε δι ου ερχεται
- 2 Li ta pi bon pou li si yo ta mare yon gwo wòl moulen nan kou l' epi yo voye l' jete nan lanmè; wi, sa ta pi bon pou li pase pou l' ta lakòz yonn nan ti piti sa yo tonbe nan peche.
It would be well for him if a great stone was put round his neck and he was dropped into the sea, before he made trouble for any of these little ones.
λυσιτελει αυτω ει μολος ονικος περικειται περι τον τραχηλον αυτου και ερριτται εις την θαλασσαν η ινα σκανδαλιση ενα των μικρων τουτων
- 3 Veye kò nou byen. Si frè ou tonbe nan peche, rale zòrèy li. Si l' chanje konpòtman li, padonnen li.
Give attention to yourselves: if your brother does wrong, say a sharp word to him; and if he has sorrow for his sin, let him have forgiveness.
προσεχετε εαυτοις εαν δε αμαρτη εις σε ο αδελφος σου επιτιμησον αυτω και εαν μετανοηση αφες αυτω
- 4 Si nan yon sèl jounen an li peche sèt fwa kont ou, si toulesèt fwa yo, li tounen vin jwenn ou pou l' di ou: Mwen p'ap fè sa ankò, se pou ou padonnen li.
And if he does you wrong seven times in a day, and seven times comes to you and says, I have regret for what I have done; let him have forgiveness.
και εαν επτακις της ημερας αμαρτη εις σε και επτακις της ημερας επιστρεψη επι σε λεγων μετανοω αφησεις αυτω
- 5 Apòt yo di Jezi: Fè nou gen plis konfyans non.
And the twelve said to the Lord, Make our faith greater.
και ειπον οι αποστολοι τω κυριω προσθεσ ημιν πιστιν

- 6 Jezi di yo: Si nou te gen konfyans nan Bondye gwose yon ti grenn moutad, nou ta di pye sikomò sa a: Derasinen tèt ou sot la a, al plante tèt ou nan lanmè, li ta obeyi nou.
And the Lord said, If your faith was only as great as a grain of mustard seed, you might say to this tree, Be rooted up and planted in the sea; and it would be done.
 ειπεν δε ο κυριος ει ειχετε πιστιν ως κοκκον σιναπεως ελεγετε αν τη συκαμινω ταυτη εκριζωθητι και φυτευθητι εν τη θαλασση και υπηκουσεν αν υμιν
- 7 Sipoze yonn nan nou gen yon domestik k'ap travay tè l' osinon k'ap gade mouton pou li. Lè domestik la soti nan jaden, èske l'ap di li: Pwoche vit, vin chita bò tab la pou ou manje.
But which of you, having a servant who is ploughing or keeping sheep, will say to him, when he comes in from the field, Come now and be seated and have a meal,
 τις δε εξ υμων δουλον εχων αροτριωντα η ποιμαινοντα ος εισελθοντι εκ του αγρου ερει ευθειας παρελθων αναπεσαι
- 8 Non. Okontrè. L'ap di li: Pare manje pou mwen. Twouse ponyèt ou pou ou ka sèvi m' pandan m'ap manje, pandan m'ap bwè. Se lè m' fin manje, ou menm wa manje, wa bwè.
Will he not say, Get a meal for me, and make yourself ready and see to my needs till I have had my food and drink; and after that you may have yours?
 αλλ ουχι ερει αυτω ετοιμασον τι δειπνησω και περιζωσαμενος διακονει μοι εως φαγω και πιω και μετα ταυτα φαγεσαι και πιεσαι συ
- 9 Li pa gen mèsi pou l' di domestik la paske domestik la fè sa l' te mande l' fè a, pa vre.
Does he give praise to the servant because he did what was ordered?
 μη χαριν εχει τω δουλω εκεινω οτι εποιησεν τα διαταχθεντα αυτω ου δοκω
- 10 Se menm jan an tou pou nou, lè nou fin fè tou sa yo te mande nou fè, se pou n' di: Se domestik nou ye, nou fè sa n' te dwe fè.
In the same way, when you have done all the things which are given you to do, say, There is no profit in us, for we have only done what we were ordered to do.
 ουτως και υμεις οταν ποιησητε παντα τα διαταχθεντα υμιν λεγετε οτι δουλοι αχρειοι εσμεν οτι ο ωφειλομεν ποιησαι πεποικαμεν
- 11 ¶ Pandan Jezi te nan chemen pou li al Jerizalèm, li t'ap pase sou fwontyè ki separe peyi Samari ak peyi Galile.
And it came about that when they were on the way to Jerusalem he went through Samaria and Galilee.
 και εγενετο εν τω πορευεσθαι αυτον εις ιερουσαλημ και αυτος διηρχετο δια μεσου σαμαρειας και γαλιλαιας
- 12 Antan l' t'ap antre nan yon bouk, dis moun ki te gen maladi lalèp vin kontre li. Yo rete kanpe byen lwen l',
And when he went into a certain small town he came across ten men who were lepers, and they, keeping themselves at a distance,
 και εισερχομενου αυτου εις τινα κωμη ηπηγησαν αυτω δεκα λεπροι ανδρες οι εστησαν πορρωθεν
- 13 yo pale byen fò, yo di l' konsa: Jezi, Mèt, gen pitye pou nou.
Said, in loud voices, Jesus, Master, have mercy on us.
 και αυτοι ηραν φωνη λεγοντες ιησου επιστατα ελεησον ημας
- 14 Lè Jezi wè yo, li di: Al fè prèt yo wè nou. Pandan yo taprale, yo geri.
And when he saw them he said, Go, and let the priests see you. And, while they were going, they were made clean.
 και ιδων ειπεν αυτοις πορευθεντες επιδειξατε εαυτους τοις ιερευσιν και εγενετο εν τω υπαγειν αυτοις εκαθαρισθησαν
- 15 Yonn ladan yo ki wè li geri tounen sou wout li, li t'ap fè lwanj Bondye byen fò pou tout moun tande.
And one of them, when he saw that he was clean, turning back, gave praise to God in a loud voice;
 εις δε εξ αυτων ιδων οτι ιαθη υπεστρεψεν μετα φωνης μεγαλης δοξαζων τον θεον
- 16 Li lage kò l' atè nan pye Jezi, li di l' mèsi. Nonm sa a te yon moun pèyi Samari.
And, falling down on his face at the feet of Jesus, he gave the credit to him; and he was a man of Samaria.
 και επεσεν επι προσωπον παρα τους ποδας αυτου ευχαριστων αυτω και αυτος ην σαμαρειτης
- 17 Jezi pran lapawòl, li di l': Nou toulèdis te geri pa vre. Kote nèf lòt yo?
And Jesus said, Were not ten men who were made clean? where are the nine?
 αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν ουχι οι δεκα εκαθαρισθησαν οι δε εννα που
- 18 Se etranje sa a sèlman ki chonje pou l' vin fè lwanj Bondye?
Have not any of them come back to give glory to God, but only this one from a strange land?
 ουχ ευρεθησαν υποστρεψαντες δουναι δοξαν τω θεω ει μη ο αλλογενης ουτος
- 19 Epi li di li: Leve non. Ou mèt ale. Se konfyans ou nan Bondye ki geri ou.
And he said to him, Get up, and go on your way; your faith has made you well.
 και ειπεν αυτω αναστας πορευου η πιστις σου σεσωκεν σε

- 20 ¶ Farizyen yo mande Jezi kilè Bondye t'ap vin tabli gouvènman l' lan. Li reponn yo: Bondye ap vin tabli gouvènman l' lan youn pou tout moun wè li.
And when the Pharisees put questions to him about when the kingdom of God would come, he gave them an answer and said, The kingdom of God will not come through observation:
επερωτηθεις δε υπο των φαρισαιων ποτε ερχεται η βασιλεια του θεου απεκριθη αυτοις και ειπεν ουκ ερχεται η βασιλεια του θεου μετα παρατηρησεως
- 21 Men, yo p'ap di: Men l' bò isit, osinon: Men l' bò laba. Paske, konnen sa byen, gouvènman Bondye a la nan mitan nou.
And men will not say, See, it is here! or, There! for the kingdom of God is among you.
ουδε ερουσιν ιδου ωδε η ιδου εκει ιδου γαρ η βασιλεια του θεου εντος υμων εστιν
- 22 Epi li di dispip yo: Gen youn lè nou va anvè wè youn nan jou ki pou Moun Bondye voye nan lachè a, men nou p'ap wè sa.
And he said to his disciples, The time will come when you will have a great desire to see one of the days of the Son of man, but you will not see it.
ειπεν δε προς τους μαθητας ελευσονται ημεραι οτε επιθυμησετε μιαν των ημερων του υιου του ανθρωπου ιδειν και ουκ οψεσθε
- 23 Y'a di nou: Gade, men l' bò isit, osinon: Gade, men l' bò laba. Pa ale, pa kouri dèyè yo.
And if they say to you, See, it is there! or, It is here! do not go away, or go after them.
και ερουσιν υμιν ιδου ωδε η ιδου εκει μη απελθητε μηδε διωξητε
- 24 Lè youn kout zèklè fè yan, li klere syèl la byen klere depi youn bout jouk nan lòt bout la, pa vre. Se va menm jan an tou pou Moun Bondye voye nan lachè a, lè jou l' va rive.
For as in a thunderstorm the bright light is seen from one end of the sky to the other, so will the Son of man be when his time comes.
ωσπερ γαρ η αστραπη η αστραπτουσα εκ της υπ ουρανον εις την υπ ουρανον λαμπει ουτως εσται και ο υιος του ανθρωπου εν τη ημερα αυτου
- 25 Men, anvan sa, li gen pou l' soufri anpil, moun alèkile yo p'ap vle wè li.
But first, he will have to undergo much and be put on one side by this generation.
πρωτον δε δει αυτον πολλα παθειν και αποδοκιμασθηναι απο της γενεας ταυτης
- 26 Sa ki te rive nan tan Noe a se sa k'ap rive tou lè jou a va rive pou Moun Bondye voye nan lachè a vini.
And as it was in the days of Noah, so will it be in the day of the Son of man.
και καθως εγενετο εν ταις ημεραις του νοε ουτως εσται και εν ταις ημεραις του υιου του ανθρωπου
- 27 Moun t'ap manje, yo t'ap bwè, moun t'ap marye, yo t'ap marye piti fi yo; se konsa tout bagay te ye, jouk jou Noe te antre nan gwo batiman an. Lè inondasyon an fèt, li touye yo tout.
They were feasting and taking wives and getting married, till the day of the overflowing of the waters, when Noah went into the ark, and they all came to destruction.
ησθιον επινον εγαμουν εξεγαμιζοντο αχρι ης ημερας εισηλθεν νοε εις την κιβωτον και ηλθεν ο κατακλυσμος και απωλεσεν απαντας
- 28 Sa ki te rive nan tan Lòt la va rive menm jan an tou. Moun t'ap manje, yo t'ap bwè, yo t'ap achte, yo t'ap plante, yo t'ap bati.
In the same way, in the days of Lot; they were feasting and trading, they were planting and building;
ομοιως και ως εγενετο εν ταις ημεραις λωτ ησθιον επινον ηγοραζον επωλουν εφυτευον οικοδομουν
- 29 Men, jou Lòt soti kite lavil Sodòm lan, dife souf grennen sot nan syèl la tankou lapli, tonbe sou yo; yo tout peri.
But on the day when Lot went out of Sodom, fire came down from heaven and destruction came on them all.
η δε ημερα εξηλθεν λωτ απο σοδομων εβρεξεν πυρ και θειον απ ουρανου και απωλεσεν απαντας
- 30 Se va menm jan an tou lè jou a va rive pou Moun Bondye voye nan lachè a parèt.
So will it be in the day of the revelation of the Son of man.
κατα ταυτα εσται η ημερα ο υιος του ανθρωπου αποκαλυπτεται
- 31 Jou sa a, moun ki va sou tèt kay p'ap bezwen desann anndan kay la ale pran zafè li. Moun ki nan jaden p'ap bezwen tounen lakay ankò.
On that day, if anyone is on the roof of the house, and his goods are in the house, let him not go down to take them away; and let him who is in the field not go back to his house.
εν εκεινη τη ημερα ος εσται επι του δωματος και τα σκευη αυτου εν τη οικια μη καταβατω αραι αυτα και ο εν τω αγρω ομοιως μη επιστρεψατω εις τα οπισω
- 32 Chonje istwa madanm Lòt la.
Keep in mind Lot's wife.
μνημονευετε της γυναικος λωτ
- 33 Moun ki va chache sove lavi l' va pèdi l'; men moun ki va pèdi lavi l' va konsève li.
If anyone makes an attempt to keep his life, it will be taken from him, but if anyone gives up his life, he will keep it.
ος εαν ζητηση την ψυχην αυτου σωσαι απολεσει αυτην και ος εαν απολεση αυτην ζωογονησει αυτην

- 34 M'ap di nou sa: Jou lannwit sa a, va gen de moun sou yon menm kabann; y'ap pran yonn, y'ap kite lòt la.
I say to you, In that night there will be two men sleeping in one bed, and one will be taken away and the other let go.
λεγω υμιν ταυτη τη νυκτι εσονται δυο επι κλινης μιας ο εις παραληφθησεται και ο ετερος αφεθησεται
- 35 Va gen de fanm k'ap pile grenn ansanm: y'ap pran yonn, y'ap kite lòt la.
Two women will be crushing grain together; one will be taken away and the other let go.
δυο εσονται αληθουσαι επι το αυτο μια παραληφθησεται και η ετερα αφεθησεται
- 36 Va gen dezòm nan yon menm jaden; y'ap pran yonn, y'ap kite lòt la.
[]
- 37 Disip yo pran lapawòl, yo mande l' konsa: Ki kote sa pral fèt, Mèt? Li reponn yo: Kote kadav la va ye, se la votou yo va sanble.
And they, answering him, said, Where, Lord? And he said to them, Where the body is, there will the eagles come together.
και αποκριθεντες λεγουσιν αυτω που κυριε ο δε ειπεν αυτοις οπου το σωμα εκει συναχθησονται οι αετοι
- 1 ¶ Jezi rakonte yo parabòl sa a pou l' te moutre yo nesosite pou yo toujou lapriyè san yo pa janm dekouraje:
And he made a story for them, the point of which was that men were to go on making prayer and not get tired;
ελεγεν δε και παραβολην αυτοις προς το δειν παντοτε προσευχεσθαι και μη εκκακειν
- 2 Vwala, se te yon jij ki te rete nan yon lavil; li pa t' pè Bondye ni li pa t' respekte pesonn.
Saying, There was a judge in a certain town, who had no fear of God or respect for man:
λεγων κριτης τις ην εν τινι πολει τον θεον μη φοβουμενος και ανθρωπον μη εντρεπομενος
- 3 Nan menm lavil sa a, te gen yon vèv ki te konn vin bò kot jij la. Vèv la te toujou ap di li: Rann mwen jistis kont moun ki nan kont avè m' lan non.
And there was a widow in that town, and she kept on coming to him and saying, Give me my right against the man who has done me wrong.
χηρα δε ην εν τη πολει εκεινη και ηρχετο προς αυτον λεγουσα εκδικησον με απο του αντιδικου μου
- 4 Pandan lontan jij la te refize fè sa pou li. Men, yon lè li di nan kè l': Se vre, mwen pa pè Bondye, ni mwen pa rete ak moun.
And for a time he would not: but later, he said to himself, Though I have no fear of God or respect for man,
και ουκ ηθελησεν επι χρονον μετα δε ταυτα ειπεν εν εαυτω ει και τον θεον ου φοβουμαι και ανθρωπον ουκ εντρεπομαι
- 5 Men, fanm sa a ap plede nwi mwen. M'ap rann li jistis, konsa la sispann anbete mwen.
Because this widow is a trouble to me, I will give her her right; for if not, I will be completely tired out by her frequent coming.
δια γε το παρεχειν μοι κοπον την χηραν ταυτην εκδικησω αυτην ινα μη εις τελος ερχομενη υποπιαζη με
- 6 Jezi di: Nou tande sa move jij la di!
And the Lord said, Give ear to the words of the evil judge.
ειπεν δε ο κυριος ακουσατε τι ο κριτης της αδικιας λεγει
- 7 Bon! Eske Bondye pa ta regle zafè pitit li yo, moun li menm li chwazi yo, lè y'ap rele nan pye l' lajounen kou lannwit? Eske l'ap pran anpil tan pou l' ede yo?
And will not God do right in the cause of his saints, whose cries come day and night to his ears, though he is long in doing it?
ο δε θεος ου μη ποιησει την εκδικησιν των εκλεκτων αυτου των βοωντων προς αυτον ημερας και νυκτος και μακροθυμων επ αυτοις
- 8 M'ap di nou sa: L'ap regle zafè yo vit vit. Men, lè Moun Bondye voye nan lachè a va vini, èske la jwenn moun ki gen konfyans nan Bondye ankò sou latè?
I say to you that he will quickly do right in their cause. But when the Son of man comes, will there be any faith on earth?
λεγω υμιν οτι ποιησει την εκδικησιν αυτων εν ταχει πλην ο υιος του ανθρωπου ελθων αρα ευρησει την πιστιν επι της γης
- 9 ¶ Jezi di parabòl sa a pou moun ki te kwè yo bon devan Bondye epi ki t'ap meprize lòt moun:
And he made this story for some people who were certain that they were good, and had a low opinion of others:
ειπεν δε και προς τινας τους πεποιθотας εφ εαυτοις οτι εισιν δικαιοι και εξουθενουοντας τους λοιπους την παραβολην ταυτην
- 10 Dezòm moute nan tanp lan al lapriyè. Yonn te yon farizyen, lòt la yon pèseptè kontribisyon.
Two men went up to the Temple for prayer; one a Pharisee, and the other a tax-farmer.
ανθρωποι δυο ανεβησαν εις το ιερον προσευξασθαι ο εις φαρισαιος και ο ετερος τελωνης

- 11 Farizyen an te kanpe apa, li t'ap lapriyè konsa: Bondye, m'ap di ou mèsi dapre mwen pa vòlò, ni visye, ni adiltè tankou lòt yo; mèsi dapre mwen pa tankou pèseptè kontribisyon sa a.
The Pharisee, taking up his position, said to himself these words: God, I give you praise because I am not like other men, who take more than their right, who are evil-doers, who are untrue to their wives, or even like this tax-farmer.
ο φαρισαιος σταθεις προς εαυτον ταυτα προσηυχετο ο θεος ευχαριστω σοι οτι ουκ ειμι ωσπερ οι λοιποι των ανθρωπων αρπαγες αδικοι μοιχοι η και ως ουτος ο τελωνης
- 12 Chak senmenn mwen pase de jou ap fè jèn, mwen bay ladim nan tou sa mwen genyen.
Twice in the week I go without food; I give a tenth of all I have.
ησπευω δις του σαββατου αποδεκατω παντα οσα κτωμαι
- 13 Pèseptè kontribisyon an menm te rete dèyè, li pa t' menm gen kouraj leve je l' nan syèl; li t'ap bat lestonmak li, li t'ap di: Bondye, gen pitye pou mwen ki fè anpil peche.
The tax-farmer, on the other hand, keeping far away, and not lifting up even his eyes to heaven, made signs of grief and said, God, have mercy on me, a sinner.
και ο τελωνης μακροθεν εστως ουκ ηθελεν ουδε τους οφθαλμους εις τον ουρανον επαραι αλλ ετωπτεν εις το στηθος αυτου λεγων ο θεος ιλασθητι μοι τω αμαρτωλω
- 14 Lè sa a, Jezi di yo: M'ap di nou sa, se pa farizyen an non, men se pèseptè kontribisyon an ki tounen lakay li ak padon Bondye. Paske, yon moun ki vle leve tèt li, y'a desann li, yon moun ki desann tèt li, y'a leve li.
I say to you, This man went back to his house with God's approval, and not the other: for everyone who makes himself high will be made low and whoever makes himself low will be made high.
λεγω υμιν κατεβη ουτος δεδικαιωμενος εις τον οικον αυτου η εκεινος οτι πας ο υψων εαυτον ταπεινωθησεται ο δε ταπεινων εαυτον υψωθησεται
- 15 ¶ Yo te mennen ata tibebe bay Jezi pou l' te mete men sou tèt yo. Lè disip yo wè sa, yo t'ap di moun yo pa fè sa.
And they took their children to him, so that he might put his hands on them: but when the disciples saw it, they said sharp words to them
προσεφερον δε αυτω και τα βρεφη ινα αυτων απτηται ιδοντες δε οι μαθηται επιτιμησαν αυτοις
- 16 Men, Jezi rele timoun yo vin jwenn li, li di: Kite timoun yo vin jwenn mwen. Pa anpeche yo vini, paske peyi kote Bondye Wa a, se pou tout moun ki tankou timoun sa yo li ye.
But Jesus sent for them, saying, Let the children come to me, and do not keep them away, for of such is the kingdom of heaven.
ο δε ιησους προσκαλεσαμενος αυτα ειπεν αφετε τα παιδια ερχεσθαι προς με και μη κωλυετε αυτα των γαρ τοιουτων εστιν η βασιλεια του θεου
- 17 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si yon moun pa asepte otorite Bondye a tankou yon timoun, li p'ap janm mete pye l' nan peyi kote Bondye Wa a.
- 37 Tout lajounen Jezi te nan tanp lan, li t'ap moutre moun yo anpil bagay. Men, lè solèy fin kouche, li te konn soti al pase nwit sou mòn Oliv la.
And every day he was teaching in the Temple and every night he went out to the mountain which is named the Mountain of Olives to take his rest.
ην δε τας ημερας εν τω ιερω διδασκων τας δε νυκτας εξερχομενος ηυλιζετο εις το ορος το καλουμενον ελαιων
- 38 Chak maten, byen bonè, tout pèp la te konn al jwenn li nan tanp lan pou tande sa l' t'ap di.
And all the people came early in the morning to give ear to his words in the Temple.
και πας ο λαος ωρθριζεν προς αυτον εν τω ιερω ακουειν αυτου
- 1 ¶ Fèt Pen san ledven yo, ki vle di fèt Delivrans jwif yo, te prèt pou rive.
Now the feast of unleavened bread was near, which is called the Passover.
ηγγιζεν δε η εορτη των αζυμων η λεγομενη πασχα
- 2 Chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo t'ap chache yon riz pou yo fè touye Jezi, paske yo te pè pèp la.
And the chief priests and the scribes were looking for a chance to put him to death, but they went in fear of the people.
και εζητουν οι αρχιερεις και οι γραμματεις το πως ανελωσιν αυτον εφοβουντο γαρ τον λαον
- 3 Lè sa a, Satan antre nan tèt Jida yo te rele Iskariòt la, yonn nan douz disip yo.
And Satan came into Judas Iscariot, who was one of the twelve.
εισηλθεν δε ο σατανας εις ιουδαν τον επικαλουμενον ισκαριωτην οντα εκ του αριθμου των δωδεκα
- 4 Jida al jwenn chèf prèt yo ak chèf gad ki t'ap veye tanp lan. Li di yo ki jan li ta ka fè yo pran Jezi.
And he went away and had a discussion with the chief priests and the rulers, about how he might give him up to them.
και απελθων συνελαλησεν τοις αρχιερευσιν και τοις στρατηγοις το πως αυτον παραδω αυτοις
- 5 Yo pa t' manke kontan, yo pwomèt pou yo ba l' lajan.
And they were glad, and undertook to give him money.
και εχαρησαν και συνεθεντο αυτω αργυριον δουναι
- 6 Li tonbe dakò ak yo. Se konsa Jida t'ap chache yon bon okazyon pou l' te fè yo pran Jezi san foul la pa konnen.
And he made an agreement with them to give him up to them, if he got a chance, when the people were not present.
και εξωμολογησεν και εζητει ευκαιριαν του παραδουαι αυτον αυτοις ατερ οχλου
- 7 ¶ Jou fèt Pen san ledven an te rive; se jou sa a pou yo te touye ti mouton yo pou manje Delivrans lan.
And the day of unleavened bread came, when the Passover lamb is put to death.
ηλθεν δε η ημερα των αζυμων εν η εδει θυεσθαι το πασχα
- 8 Jezi voye Pyè ak Jan, li di yo konsa: Ale pare manje Delivrans lan pou n' kapab manje li.
And Jesus sent Peter and John, saying, Go and make the Passover ready for us, so that we may take it.
και απεστειλεν πετρον και ιωαννην ειπον πορευθεντες ετοιμασατε ημιν το πασχα ινα φαγωμεν
- 9 Yo mande li: Ki bò ou ta vle nou pare li?
And they said to him, Where are we to get it ready?
οι δε ειπον αυτω που θελεις ετοιμασωμεν
- 10 Li di yo: Gade. Lè n'a antre lavil la, n'a kontre ak yon nonm k'ap pote yon krich dlo; swiv li jouk nan kay kote la antre a.
And he said to them, When you go into the town you will see a man coming to you with a vessel of water; go after him into the house into which he goes.
ο δε ειπεν αυτοις ιδου εισελθοντων υμων εις την πολιν συναντησει υμιν ανθρωπος κεραμιον υδατος βασταζων ακολουθησατε αυτω εις την οικιαν ου εισπορευεται
- 11 N'a di mèt kay la: Mèt la voye mande ou kote pyès kay pou l' manje manje Delivrans lan avèk disip li yo?
And say to the master of the house, The Master says, Where is the guest-room, where I may take the Passover with my disciples?
και ερειτε τω οικοδεσποτη της οικιας λεγει σοι ο διδασκαλος που εστιν το καταλυμα οπου το πασχα μετα των μαθητων μου φαγω

- 12 Lè sa a la moutre nou yon gwo chanm anwo kay la, tou pare, tou meble. Se la n'a pare manje Delivrans lan.
And he will take you up to a great room with a table and seats: there make ready.
 κακεινος υμιν δειξει ανωγειον μεγα εστρωμενον εκει ετοιμασατε
- 13 Yo pati, yo jwenn tout bagay jan l' te di yo a. Epi yo pare manje Delivrans lan.
And they went, and it was as he had said: and they made the Passover ready.
 απελθοντες δε ευρον καθως ειρηκεν αυτοις και ητοιμασαν το πασχα
- 14 Lè lè a rive, Jezi chita bò tab la avèk apòt yo pou manje.
And when the time had come, he took his seat, and the Apostles with him.
 και οτε εγενετο η ωρα ανεπεσεν και οι δωδεκα αποστολοι συν αυτω
- 15 Li di yo: Mwen pa t' manke anvri manje manje Delivrans sa a avè n' anvan m' al soufri.
And he said, I have had a great desire to keep this Passover with you before I come to my death;
 και ειπεν προς αυτους επιθυμια επεθυμησα τουτο το πασχα φαγειν μεθ υμων προ του με παθειν
- 16 Paske, m'ap di nou sa: mwen p'ap janm manje l' ankò jouk jou la pran sans li nèt vre nan peyi kote Bondye Wa a.
For I say to you, I will not take it till it is made complete in the kingdom of God.
 λεγω γαρ υμιν οτι ουκετι ου μη φαγω εξ αυτου εως οτου πληρωθη εν τη βασιλεια του θεου
- 17 Apre sa, li pran yon gode, li di Bondye mèsi, epi l' di: Men gode sa a, separe l' bay chak moun nan nou;
And he took a cup and, having given praise, he said, Make division of this among yourselves;
 και δεξαμενος ποτηριον ευχαριστησας ειπεν λαβετε τουτο και διαμερισατε εαυτοις
- 18 paske, m'ap di nou sa, depi koulye a mwen p'ap bwè diven ankò jouk lè Bondye va vin pran pouvwa a nan men li.
For I say to you, I will not take of the fruit of the vine till the kingdom of God has come.
 λεγω γαρ υμιν οτι ου μη πιω απο του γεννηματος της αμπελου εως οτου η βασιλεια του θεου ελθη
- 19 Apre sa, li pran pen, li di Bondye mèsi, li kase li. Li ba yo l', epi li di yo: Sa se kò mwen. Se mwen menm ki bay li pou nou. Se pou nou fè sa pou nou ka toujou chonje mwen.
And he took bread and, having given praise, he gave it to them when it had been broken, saying, This is my body, which is given for you: do this in memory of me.
 και λαβων αρτον ευχαριστησας εκλασεν και εδωκεν αυτοις λεγων τουτο εστιν το σωμα μου το υπερ υμων διδομενον τουτο ποιειτε εις την εμην αναμνησιν
- 20 Menm jan an tou, apre yo fin manje, li ba yo gode diven an. Li di yo: Gode sa a, se nouvo kontra Bondye pase ak moun. Se avèk san m' ki koule pou nou an li siyen l'.
And in the same way, after the meal, he took the cup, saying, This cup is the new testament, made with my blood which is given for you.
 ωσαυτως και το ποτηριον μετα το δειπνησαι λεγων τουτο το ποτηριον η καινη διαθηκη εν τω αιματι μου το υπερ υμων εκχυνομενον
- 21 ¶ Men gade! Moun k'ap trayi m' lan, li la bò tab la ansanm ak mwen!
But the hand of him who is false to me is with me at the table.
 πλην ιδου η χειρ του παραδιδοντος με μετ εμου επι της τραπεζης
- 22 Moun Bondye voye nan lachè a pral mouri jan Bondye te vle l' la, se vre. Men, malè pou moun ki trayi l' la!
For it will be done to the Son of man after the purpose of God, but unhappy is that man by whom he is given up.
 και ο μεν υιος του ανθρωπου πορευεται κατα το ωρισμενον πλην ουαι το ανθρωπω εκεινο δι ου παραδιδοται
- 23 Latou, yonn pran mande lòt kilès nan yo la a ki pral fè bagay sa a.
And they were wondering among themselves which of them it was who would do this thing.
 και αυτοι ηρξαντο συζητειν προς εαυτους το τις αρα ειη εξ αυτων ο τουτο μελλων πρασσειν
- 24 Epi yon gwo diskisyon leve nan mitan disip yo. Yo te vle konnen kilès nan yo ki te dwe pase pou pi grannèg.
And there was an argument among them about which of them was the greatest.
 εγενετο δε και φιλονεικια εν αυτοις το τις αυτων δοκει ειναι μειζων
- 25 Jezi di yo: Nan tout peyi, wa se kòmande yo kòmande, moun ki chèf fè nou rele yo Bon papa.
And he said, The kings of the Gentiles are lords over them, and those who have authority are given names of honour.
 ο δε ειπεν αυτοις οι βασιλεις των εθνων κυριευουσιν αυτων και οι εξουσιαζοντες αυτων ευεργεται καλουνται

- 26 Men pou nou menm, se pa konsa pou sa ye. Okontrè, sak pi grannèg nan mitan nou an, se pou l' tankou pi piti a; sa k'ap kòmande a, se pou l' tankou sa k'ap sèvi a.
But let it not be so with you; but he who is greater, let him become like the younger; and he who is chief, like a servant.
υμεις δε ουχ ουτως αλλ ο μειζων εν υμιν γενεσθω ως ο νεωτερος και ο ηγουμενος ως ο διακωνων
- 27 Kilès ki pi grannèg: moun ki chita bò tab la, osinon moun k'ap sèvi l' la? Moun ki chita bò tab la, pa vre? Tansèlman, mwen menm mwen nan mitan nou tankou moun k'ap sèvi a.
For which is greater, the guest who is seated at a meal or the servant who is waiting on him? is it not the guest? but I am among you as a servant.
τις γαρ μειζων ο ανακειμενος η ο διακωνων ουχι ο ανακειμενος εγω δε ειμι εν μεσω υμων ως ο διακωνων
- 28 Nou menm, nou se moun ki kenbe fèm avè m' nan tout tribilasyon mwen yo.
But you are those who have kept with me through my troubles;
υμεις δε εστε οι διαμεμενηκοτες μετ εμου εν τοις πειρασμοις μου
- 29 Se poutèt sa, menm jan Papa a te ban m' dwa pou m' gouvènènan nan peyi kote li wa a, mwen menm tou, m'ap ban nou dwa sa a.
And I will give you a kingdom as my Father has given one to me,
καγω διατιθεμαι υμιν καθως διεθετο μοι ο πατηρ μου βασιλειαν
- 30 N'a manje, n'a bwè sou tab ansanm avè m' sou govènman mwen an. M'a mete nou chita sou bèl fotèy pou nou jije douz branch fanmi Izrayèl la.
So that you may take food and drink at my table in my kingdom, and be seated like kings, judging the twelve tribes of Israel.
ινα εσθιητε και πινητε επι της τραπεζης μου εν τη βασιλεια μου και καθισθηθε επι θρονων κρινοντες τας δωδεκα φυλας του ισραηλ
- 31 Simon, Simon, koute: Satan mande pouvwa pou l' pase nou tout nan laye, tankou grenn y'ap vannen.
Simon, Simon, Satan has made a request to have you, so that he may put you to the test as grain is tested:
ειπεν δε ο κυριος σιμων σιμων ιδου ο σατανας εξητησατο υμας του σινιασαι ως τον σιτον
- 32 Men, mwen lapriyè pou ou, Simon, pou konfyans ou nan Bondye pa febli. Ou menm, lè wa tounen vin jwenn mwen, bay frè ou yo fòs.
But I have made prayer for you, that your faith may not go from you: and when you are turned again, make your brothers strong.
εγω δε εδεηθην περι σου ινα μη εκλειπη η πιστις σου και συ ποτε επιστρεψας στηριξον τους αδελφους σου
- 33 Pyè di li: Mèt, mwen pare pou m' al nan prizon avè ou, pou m' mouri menm avè ou.
And he said to him, Lord, I am ready to go with you to prison and to death.
ο δε ειπεν αυτω κυριε μετα σου ετοιμος ειμι και εις φυλακην και εις θανατον πορευεσθαι
- 34 Jezi reponn li: Pyè, tande sa m'ap di ou: kòk p'ap gen tan chante jòdi a, w'ap di ou pa konnen m' pandan twa fwa.
And he said, I say to you, Peter, before the cock's second cry today, you will say three times that you have no knowledge of me.
ο δε ειπεν λεγω σοι πετρε ου μη φωνησει σημερον αλεκτωρ πριν η τρις απαρνηση μη ειδεναι με
- 35 Jezi di yo ankò: Lè m' te voye nou san lajan, san manje, san soulye, èske nou te manke kichòy? Yo reponn li: Nou pa t' manke anyen.
And he said to them, When I sent you out without money or bag or shoes, were you in need of anything? And they said, Nothing.
και ειπεν αυτοις οτε απεστειλα υμας ατερ βαλαντιου και πηρας και υποδηματων μη τινος υστερησατε οι δε ειπον ουδενος
- 36 Li di yo: Bon, koulè a, moun ki gen yon lajan, se pou l' pran l'; sa ki gen manje se pou l' pran l' tou. Moun ki pa gen nepe, se pou l' vann rad li pou l' achte yonn.
And he said to them, But now, he who has a money-bag, or a bag for food, let him take it: and he who has not, let him give his coat for money and get a sword.
ειπεν ουν αυτοις αλλα νυν ο εχων βαλαντιον αρατω ομοιως και πηραν και ο μη εχων πωλησατω το ιματιον αυτου και αγορασατω μαχαιραν
- 37 Paske, tande byen sa m'ap di nou: pawòl ki te ekri a, fòk li rive vre nan lavi mwen: Yo mete l' ansanm ak mekan yo. Wi, sa ki ekri sou mwen an pral rive.
For I say to you that these words will be put into effect in me, And he was numbered among the evil-doers: for what has been said in the Writings about me has an end.
λεγω γαρ υμιν οτι επι τουτο το γεγραμμενον δει τελεσθηναι εν εμοι το και μετα ανομων ελογισθη και γαρ τα περι εμου τελος εχει
- 38 Disip yo di li: Mèt, men de nepe. Li di yo: Sa kont.
And they said, Lord, here are two swords. And he said, It is enough.
οι δε ειπον κυριε ιδου μαχαιραι ωδε δυο ο δε ειπεν αυτοις ικανον εστιν
- 39 ¶ Apre sa, Jezi soti, li al mòn Oliv la, jan l' te konn fè a. Disip yo swiv li.
And he came out, and went, as his way was, to the Mountain of Olives, and the disciples went with him.
και εξελθων επορευθη κατα το εθος εις το ορος των ελαιων ηκολουθησαν δε αυτω και οι μαθηται αυτου

- 40 Lè l' rive, li di yo: Lapriyè pou n' pa tonbe anba tantasyon.
 And when he came to the place, he said to them, Make a prayer that you may not be put to the test.
 γενομενος δε επι του τοπου ειπεν αυτοις προσευχεσθε μη εισελθειν εις πειρασμον
- 41 Epi li kite yo, li al pi devan, distans yon moun kab voye yon wòch konsa. Li mete ajenou, li pran lapriyè.
 And he went a little distance away from them and, falling on his knees in prayer, he said,
 και αυτος απεσπασθη απ αυτων ωσει λιθου βολην και θεις τα γονατα προσηυχето
- 42 Li di: Papa, si ou vle, tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, se pa volonte m' ki pou fèt, se volonte pa ou.
 Father, if it is your pleasure, take this cup from me: but still, let your pleasure, not mine, be done.
 λεγων πατερ ει βουλει παρενεγκειν το ποτηριον τουτο απ εμου πλην μη το θελημα μου αλλα το σον γενεσθω
- 43 Lè sa a, yon zanj Bondye soti nan syèl la parèt devan li. Li te vin bay Jezi fòs.
 And an angel from heaven came to him, to give him strength.
 ωφθη δε αυτω αγγελος απ ουρανου ενισχυων αυτον
- 44 Kè Jezi te sere anpil, li t'ap lapriyè pi rèd. Swe t'ap koule sou li tonbe atè tankou gwo degout san.
 And being in great trouble of soul, the force of his prayer became stronger, and great drops, like blood, came from him, falling to the earth.
 και γενομενος εν αγωνια εκτενεσταρον προσηυχето εγενετο δε ο ιδρωσ αυτου ωσει θρομβοι αιματος καταβαινοντες επι την γην
- 45 Apre li fin lapriyè, li leve, li vin bò kot disip yo; li jwenn yo ap dòmi sitèlman yo te nan lapenn.
 And, getting up from prayer, he came to the disciples, and saw that they were sleeping for sorrow.
 και αναστας απο της προσευχης ελθων προς τους μαθητας ευρεν αυτους κοιμωμενους απο της λυπης
- 46 Li di yo: Poukisa n'ap dòmi konsa? Leve non, lapriyè pou n' pa tonbe anba tantasyon.
 And he said, Why are you sleeping? Get up, and give yourselves to prayer, so that you may not be put to the test.
 και ειπεν αυτοις τι καθευδετε ανασταντες προσευχεσθε ινα μη εισελθητε εις πειρασμον
- 47 ¶ Jezi t'ap pale toujou lè yon bann moun vin rive. Jida, yonn nan douz disip yo, t'ap mache devan. Li pwoche bò kot Jezi pou l' bo li.
 And while he was saying these words, there came a band of people, and Judas, one of the twelve, was in front of them, and he came near to Jesus to give him a kiss.
 ετι δε αυτου λαλουντος ιδου οχλος και ο λεγομενος ιουδας εις των δωδεκα προηρχετο αυτων και ηγγισεν τω ιησου φιλησαι αυτον
- 48 Men, Jezi di li: Jida, se avèk yon bo w'ap trayi Moun Bondye voye nan lachè a?
 But Jesus said to him, Judas, will you be false to the Son of man with a kiss?
 ο δε ιησους ειπεν αυτω ιουδα φιληματι τον υιον του ανθρωπου παραδιδωσ
- 49 Moun ki te avèk Jezi yo, lè yo wè sak t'apral rive, yo mande li: Mèt, èske nou mèt voye kout nepe?
 And when those who were with him saw what was coming, they said, Lord, may we not make use of our swords?
 ιδοντες δε οι περι αυτον το εσομενον ειπον αυτω κυριε ει παταξομεν εν μαχαира
- 50 Yonn ladan yo gen tan pote domestik granprèt la yon koupe zòrèy dwat li.
 And one of them gave a blow to the servant of the high priest, cutting off his right ear.
 και επαταξεν εις τις εξ αυτων τον δουλον του αρχιερεως και αφειλεν αυτου το ους το δεξιον
- 51 Men, Jezi di yo: Non. Ase. Li manyen zòrèy nonm lan, li geri li.
 But Jesus, answering, said, Put up with this, at least. And touching his ear, he made it well.
 αποκριθεις δε ο ιησους ειπεν εατε εως τουτου και αφιαμενος του ωτιου αυτου ιασατο αυτον
- 52 Apre sa, Jezi pale ak chèf prèt yo, chèf lagad tanp lan ansanm ak chèf fanmi yo ki te vin pran li. Li di yo: Nou vin dèyè m' ak nepe epi baton, tankou si m' te yon ansasen.
 And Jesus said to the chief priests and the captains of the Temple and the rulers, who had come against him, Have you come out as against a thief, with swords and sticks?
 ειπεν δε ο ιησους προς τους παραγενομενους επ αυτον αρχιερεις και στρατηγους του ιερου και πρεσβυτερους ως επι ληστην εξεληλυθατε μετα μαχαιρων και ξυλων
- 53 Toulejou mwen te la avèk nou nan tanp lan, nou pa t' chache arete mwen. Men koulye a, se jou pa n', se jou pouwva ki travay nan fènwa a.
 When I was in the Temple with you every day, your hands were not stretched out against me: but this is your hour, and the authority of the dark power.
 καθ ημεραν οντος μου μεθ υμων εν τω ιερω ουκ εξετεινατε τας χειρας επ εμε αλλ αυτη υμων εστιν η ωρα και η εξουσια του σκοτους

- 54 ¶ Yo arete Jezi, yo mennen li ale. Yo kondi l' kay granprèt la. Pyè t'ap swiv yo yon ti jan lwen lwen.
And they made him a prisoner and took him away to the house of the high priest. But Peter went after them at a distance.
συλλαβοντες δε αυτον ηγαγον και εισηγαγον αυτον εις τον οικον του αρχιερευς ο δε πετρος ηκολουθει μακροθεν
- 55 Yo te limen yon dife nan mitan lakou a. Pyè al chita nan mitan moun ki te bò dife a.
And a fire was lighted in the middle of the open square, and they were seated together, and Peter was among them.
αψαντων δε πυρ εν μεσω της αυλης και συγκαθισαντων αυτων εκαθητο ο πετρος εν μεσω αυτων
- 56 Yon sèvant wè Pyè chita bò dife a; li fiske je l' sou li, li di: Nonm sa a te avèk li tou.
And a certain woman-servant, seeing him in the light of the fire, and looking at him with attention, said, This man was with him.
ιδουσα δε αυτον παιδισκη τις καθημενον προς το φως και ατενισασα αυτω ειπεν και ουτος συν αυτω ην
- 57 Men, Pyè demanti l', li di: Madanm, mwen pa konnen li.
But he said, Woman, it is not true; I have no knowledge of him.
ο δε ηρηησατο αυτον λεγων γυναι ουκ οίδα αυτον
- 58 Yon kadè apre, yon lòt wè l', epi l' di: Ou menm tou, ou fè pati moun sa yo. Pyè di: Non, monchè, mwen pa fè pati moun sa yo.
And after a little time, another saw him and said, You are one of them; and he said, Man, I am not.
και μετα βραχυ ετερος ιδων αυτον εφη και συ εξ αυτων ει ο δε πετρος ειπεν ανθρωπε ουκ ειμι
- 59 Apre yon bon ti moman, yon lòt di l' ankò: Men wi, nonm sa a te avè l'. Se moun Galile li ye.
And after about an hour, another man said, with decision, Certainly this man was with him, for he is a Galilaean.
και διαστασης ωσει ωρας μιας αλλος τις δισχυριζετο λεγων επ αληθειας και ουτος μετ αυτου ην και γαρ γαλιλαιος εστιν
- 60 Pyè reponn li: Monchè, mwen pa konnen sa ou ap di la a. Menm lè a, antan li t'ap pale toujou, yon kòk pran chante.
And Peter said, Man, I have no knowledge of these things of which you are talking. And straight away, while he was saying these words, there came the cry of a cock.
ειπεν δε ο πετρος ανθρωπε ουκ οίδα ο λεγεις και παραρημα ετι λαλουντος αυτου εφωνησεν ο αλεκτωρ
- 61 Jezi vire, li gade Pyè, epi Pyè vin chonje pawòl Seyè a te di l': Jòdi a, kòk p'ap gen tan chante, w'ap di ou pa konnen mwen pandan twa fwa.
And the Lord, turning, gave Peter a look. And the words of the Lord came to Peter's mind, how he had said, This night, before the hour of the cock's cry, you will be false to me three times.
και στραφεις ο κυριος ενεβλεψεν τω πετρω και υπεμνησθη ο πετρος του λογου του κυριου ως ειπεν αυτω οτι πριν αλεκτορα φωνησαι απαρνηση με τρις
- 62 Pyè soti, epi li tonbe kriye jouk li pa t' kapab ankò.
And he went out, weeping bitterly.
και εξελθων εξω ο πετρος εκλαυσεν πικρος
- 63 ¶ Mesye ki t'ap veye Jezi yo t'ap pase l' nan rizib. Yo t'ap ba l' kou.
And the men in whose hands Jesus was, made sport of him and gave him blows.
και οι ανδρες οι συνεχοντες τον ιησουν ενεπαιζον αυτω δεροντες
- 64 Yo te bouche je l', yo t'ap mande li: Ki moun ki ba ou kou sa a? Devinen?
And, covering his eyes, they said to him, Are you prophet enough to say who gave you that blow?
και περικαλυψαντες αυτον ετυπτον αυτου το προσοπον και ετηρωτων αυτον λεγοντες προφητευσον τις εστιν ο παισας σε
- 65 Epi yo t'ap di l' anpil lòt jouman ankò.
And they said a number of other evil things against him.
και ετερα πολλα βλασφημουντες ελεγον εις αυτον
- 66 Lè l' fin fè jou, tout chèf fanmi yo, chèf prèt yo ansanm ak dirèktè lalwa yo reyini. Yo fè mennen Jezi devan Gran Konsèy jwif yo.
And when it was day, the rulers of the people came together, with the chief priests and the scribes, and they took him before their Sanhedrin, saying,
και ως εγενετο ημερα συνηχθη το πρεσβυτεριον του λαου αρχιερεις τε και γραμματεις και ανηγαγον αυτον εις το συνεδριον εαυτων λεγοντες
- 67 Yo mande li: Manyè di nou: èske se ou ki Kris la? Jezi reponn yo: Si m' reponn nou, nou p'ap vle kwè mwen.
If you are the Christ, say so. But he said, If I say so you will not have belief;
ει συ ει ο χριστος ειπε ημιν ειπεν δε αυτοις εαν υμιν ειπω ου μη πιστευσητε

- 68 Si m' poze nou yon keksyon, nou p'ap vle reponn mwen.
And if I put a question to you, you will not give an answer.
 εαν δε και ερωτησω ου μη αποκριθητε μοι η απολυσητε
- 69 Men, depi jòdi a, Moun Bondye voye nan lachè a pral chita sou bò dwat Bondye ki gen pouvwa a.
But in the future the Son of man will be seated at the right hand of the power of God.
 απο του νυν εσται ο υιος του ανθρωπου καθημενος εκ δεξιων της δυναμεως του θεου
- 70 Yo tout di li: Ou se pitit Bondye a, pa vre? Li reponn yo: Apa nou di li. Wi, se sa mwen ye menm.
And they all said, Are you then the Son of God? and he said, You say that I am.
 ειπον δε παντες συ ουν ει ο υιος του θεου ο δε προς αυτους εφη υμεις λεγετε οτι εγω ειμι
- 71 Lè sa a yo di: Sa nou bezwen temwen ankò fè. Nou menm nou fèk tande pawòl ki soti nan bouch li.
And they said, What more need have we of witness? we have the very words of his mouth.
 οι δε ειπον τι ετι χρειαν εχομεν μαρτυριας αυτοι γαρ ηκουσαμεν απο του στοματος αυτου
- 1 ¶ Tout bann moun yo leve, yo mennen Jezi devan Pilat.
And they all went and took him before Pilate.
 και ανασταν απαν το πληθος αυτων ηγαγεν αυτον επι τον πιλατον
- 2 Rive la, yo pran depoze plent sou do l', yo di konsa: Nou jwenn nonm sa a ap moute tèt pèt la. L'ap di yo pou yo pa peye Seza lajan taks yo. Li menm rive pretann se Kris la li ye, yon wa.
And they made statements against him, saying, This man has to our knowledge been teaching our nation to do wrong, and not to make payment of taxes to Caesar, even saying that he himself is Christ, a king.
 ηρξαντο δε κατηγορειν αυτου λεγοντες τουτον ευρομεν διαστρεφοντα το εθνος και κωλοντα καισαρι φορους διδοναι λεγοντα εαυτον χριστον βασιλεα ειναι
- 3 Pilat mande li: Eske ou se wa jwif yo? Jezi reponn li: Se ou ki di li.
And Pilate said to him, Are you the King of the Jews? And he said in answer, You say so.
 ο δε πιλατος επηρωτησεν αυτον λεγων συ ει ο βασιλευς των ιουδαιων ο δε αποκριθεις αυτω εφη συ λεγεις
- 4 Pilat di chèf prèt yo ak foul moun yo: Mwen pa wè ankenn rezon pou m' kondannen nonm sa a.
And Pilate said to the chief priests and the people, In my opinion this man has done no wrong.
 ο δε πιλατος ειπεν προς τους αρχιερεις και τους οχλους ουδεν ευρισκω αιτιον εν τω ανθρωπω τουτω
- 5 Men, yo kenbe la avè l', yo di: L'ap moute tèt pèt la ak pawòl l'ap di yo. Li kòmanse travay sa a depi nan peyi Galilye, li pase nan tout peyi Jide a, li rive jouk isit la.
But they became more violent than before, saying, He has made trouble among the people, teaching through all Judaea from Galilee to this place.
 οι δε επισχυον λεγοντες οτι ανασσει τον λαον διδασκων καθ ολης της ιουδαιας αρξαμενος απο της γαλιλαιας εως ωδε
- 6 Lè Pilat tande sa, li mande yo si Jezi se moun Galile.
But at these words Pilate said, Is the man a Galilaean?
 πιλατος δε ακουσας γαλιλαιαν επηρωτησεν ει ο ανθρωπος γαλιλαιος εστιν
- 7 Aprann Pilat aprann Jezi te soti nan rejyon ki te sou kòmandman Ewòd la, li voye Jezi bay Ewòd ki t'ap pase kèk jou lavil Jerizalèm lè sa a.
And when he saw that he was under the authority of Herod, he sent him to Herod, who was in Jerusalem himself at that time.
 και επιγνους οτι εκ της εξουσιας ηρωδου εστιν ανεπεμψεν αυτον προς ηρωδη οντα και αυτον εν ιεροσολυμοις εν ταυταις ταις ημεραις
- 8 Ewòd pa t' manke kontan lè li wè Jezi. Depi lontan li te konn tande pale sou li, li te anvì kontre avè l'. Li te kwè li tapral wè Jezi fè kèk mirak.
Now when Herod saw Jesus he was very glad, having for a long time had a desire to see him, for he had had accounts of him, and was hoping to see some wonders done by him.
 ο δε ηρωδης ιδων τον ιησουν εχαρη λιαν ην γαρ θελων εξ ικανου ιδειν αυτον δια το ακουειν πολλα περι αυτου και ηλιπιζεν τι σημειον ιδειν υπ αυτου γινομενον
- 9 Li poze l' anpil keksyon, men Jezi pa reponn li anyen.
And he put a great number of questions to him, but he said nothing.
 επηρωτα δε αυτον εν λογοις ικανοις αυτος δε ουδεν απεκρινατο αυτω
- 10 Chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo te la. Yo t'ap depoze anpil gwo plent kont Jezi.
And the chief priests and the scribes were there, making statements against him violently.
 εισηκεισαν δε οι αρχιερεις και οι γραμματαις ευτονος κατηγορουντες αυτου

- 11 Ewòd menm ansanm ak tout gad li yo t'ap pase Jezi nan rizib. Yo mete l' nan yon wonn tenten. Yo mete yon bèl rad sou li; epi yo voye l' tounen bay Pilat.
And Herod, with the men of his army, put shame on him and made sport of him, and dressing him in shining robes, he sent him back to Pilate.
 εξουθενησας δε αυτον ο ηρωδης συν τοις στρατευμασιν αυτου και εμπαιξας περιβαλων αυτον εσθητα λαμπραν ανεπεμψεν αυτον τω πιλατω
- 12 Pilat ak Ewòd te lènni anvan sa. Menm jou sa a yo vin zanmi.
And that day Herod and Pilate became friends with one another, for before they had been against one another.
 εγενοντο δε φιλοι ο τε πιλατος και ο ηρωδης εν αυτη τη ημερα μετ αλληλων προυπηρχον γαρ εν εχθρα οντες προς εαυτους
- 13 ¶ Pilat sanble chèf prèt yo, tout otorite yo ansanm ak pèp la.
And Pilate sent for the chief priests and the rulers and the people, and said to them,
 πιλατος δε συγκαλεσαμενος τους αρχιερεις και τους αρχοντας και τον λαον
- 14 Li di yo: Nou mennen nonm sa a ban mwen. Nou fè m' konprann l'ap moute tèt pèp la. Mwen menm, mwen poze l' keksyon devan nou, mwen pa janm jwenn li koupab. Li pa fè ankenn nan move zak n'ap plede di l' fè yo.
You say that this man has been teaching the people evil things: now I, after going into the question before you, see nothing wrong in this man in connection with the things which you have said against him:
 ειπεν προς αυτους προσηνεγκατε μοι τον ανθρωπον τουτον ως αποστρεφοντα τον λαον και ιδου εγω ενωπιον υμων ανακρινας ουδεν ευρον εν τω ανθρωπω τουτω αιτιον ων κατηγορειτε κατ αυτου
- 15 Ewòd pa jwenn li koupab non plis. Men li voye l' tounen ban mwen. Nonm sa a pa fè anyen ki merite lanmò.
And Herod is of the same opinion, for he has sent him back to us; for, you see, he has done nothing for which I might put him to death.
 αλλ ουδε ηρωδης ανεπεμψα γαρ υμας προς αυτον και ιδου ουδεν αξιον θανατου εστιν πεπραγμενον αυτω
- 16 Mwen pral fè yo bat li byen bat, apre sa m'a lage li.
And so I will give him punishment and let him go.
 παιδευσας ουν αυτον απολυσω
- 17 Pou chak fèt Delivrans, Pilat te blije lage yon prizonnye ba yo.
 []
 αναγκην δε ειχεν απολυειν αυτοις κατα εορτην ενα
- 18 Yo tout pran rele ansanm: Touye nonm sa a, lage Barabas ban nou.
But with loud voices they said all together, Put this man to death, and make Barabbas free.
 ανεκραζαν δε παμπληθει λεγοντες αιρε τουτον απολυσον δε ημιν τον βαραββαν
- 19 Barabas sa a, se te yon nonm ki te nan prizon poutèt lèzam li te pran kont gouvènman an epi pou yon moun li te touye nan lavil la.
Now this man was in prison because of an attack against the government in the town, in which there had been loss of life.
 οστις ην δια στασιν τινα γενομενην εν τη πολει και φονον βεβλημενος εις φυλακην
- 20 Pilat menm te vle lage Jezi. Li pale ak fowl moun yo ankò.
And Pilate again said to them that it was his desire to let Jesus go free.
 παλιν ουν ο πιλατος προσεφωνησεν θελων απολυσαι τον ιησουν
- 21 Men yo rele: Kloure l' sou yon kwa! Kloure l' sou yon kwa!
But crying out they said, To the cross with him!
 οι δε επεφωνουν λεγοντες σταυρωσον σταυρωσον αυτον
- 22 Yon twazyèm fwa ankò, Pilat di yo: Manyè di m' ki move zak li fè konsa? Mwen menm, mwen pa jwenn anyen nan nonm sa a ki merite lanmò. Mwen pa di nou mwen pral fè bat li byen bat, apre sa m'a lage li?
And he said to them a third time, Why, what evil has he done? I see no reason for putting him to death: I will give him punishment and let him go.
 ο δε τριτον ειπεν προς αυτους τι γαρ κακον ποιησεν ουτος ουδεν αιτιον θανατου ευρον εν αυτω παιδευσας ουν αυτον απολυσω
- 23 Men, yo pran rele pi fò, yo pèsiste ap mande pou yo kloure Jezi sou yon kwa. Yo sitèlman rele, Pilat ba yo gany.
But they went on crying out loudly, Let him be put to death on the cross. And they had their way.
 οι δε επεκειντο φωναίς μεγαλαιοι αιτουμενοι αυτον σταυρωθηναι και κατισχυον αι φωναί αυτων και των αρχιερεων

- 24 Se konsa Pilat pran desizyon pou l' ba yo sa yo te mande a.
 And Pilate gave his decision for their desire to be put into effect.
 ο δε πιλατος επεκριεν γενεσθαι το αιτημα αυτων
- 25 Li lage moun pèp la te vle a, nonm ki te nan prizon pou konplo ak krim lan. Epi Pilat renmèt yo Jezi pou yo te fè li sa yo te vle a.
 And in answer to their request, he let that man go free who had been in prison for acting against the government and causing death, and Jesus he gave up to their pleasure.
 απελυσεν δε αυτοις τον δια στασιν και φονον βεβλημενον εις την φυλακην ον ητουντο τον δε ιησουν παρεδωκεν τω θεληματι αυτων
- 26 ¶ Antan sòlda yo t'ap mennen Jezi ale, yo kontre Simon, yon moun peyi Sirèn. Li te soti nan jaden. Yo pran msye, yo chaje l' anba kwa a pou l' pote li dèyè Jezi.
 And while they were taking him away, they put their hands on Simon of Cyrene, who was coming from the country, and made him take the cross after Jesus.
 και ως απηγαγον αυτον επιλαβομενοι σιμωνος τινος κυρηναιου του ερχομενου απ αγρου επεθηκαν αυτω τον σταυρον φερειν οπισθεν του ιησου
- 27 Yon bann moun nan pèp la t'ap swiv Jezi. Te gen kèk fanm la tou ki t'ap kriye, ki t'ap plenn sò li.
 And a great band of people went after him, and of women making signs of grief and weeping for him.
 ηκολουθει δε αυτω πολυ πληθος του λαου και γυναικων αι και εκοπτοντο και εθρηνουν αυτον
- 28 Jezi vire gade yo, li di yo konsa: Nou menm, medam lavil Jerizalèm, pa kriye pou mwen tandè; kriye pou tèt pa nou ak tout pitit nou yo.
 But Jesus, turning to them, said, Daughters of Jerusalem, let not your weeping be for me, but for yourselves and for your children.
 στραφεις δε προς αυτας ο ιησους ειπεν θυγατερες ιερουσαλημ μη κλαιετε επ εμε πλην εφ εαυτας κλαιετε και επι τα τεκνα υμων
- 29 Gen jou k'ap vin dèyè; lè sa a y'a di: benediksyon pou fanm ki pa kapab fè pitit, pou fanm ki pa t' janm fè pitit, pou fanm ki pa janm bay pitit tete.
 For the days are coming in which they will say, Happy are those who have had no children, whose bodies have never given birth, whose breasts have never given milk.
 οτι ιδου ερχονται ημεραι εν αις ερουσιν μακαριαι αι στεραι και κοιλια αι ουκ εγεννησαν και μαστοι οι ουκ εθηλασαν
- 30 Lè sa a, tout moun va di mòn yo: Tonbe sou nou! Y'a mande mòn yo: Kouvri nou!
 And they will say to the mountains, Come down on us, and to the hills, Be a cover over us.
 τοτε αρξονται λεγειν τοις ορεσιν πεσετε εφ ημας και τοις βουνοις καλυψατε ημας
- 31 Paske, si se sa yo fè bwa vèt la, kisa yo p'ap fè bwa chèch la?
 For if they do these things when the tree is green, what will they do when it is dry?
 οτι ει εν τω υγρω ξυλω ταυτα ποιουσιν εν τω ξηρω τι γενηται
- 32 ¶ Yo mennen de lòt moun, de krimenèl pou yo touye ansanm ak Jezi.
 And two others, evil-doers, were taken with him to be put to death.
 ηγοντο δε και ετεροι δυο κακουργοι συν αυτω αναιρεθηναι
- 33 Lè yo rive kote yo rele Zo bwa Tèt la, yo kloure Jezi sou kwa a. Yo kloure de krimenèl yo sou de lòt kwa, yonn chak bò li.
 And when they came to the place which is named Golgotha, they put him on the cross, and the evil-doers, one on the right side, and the other on the left.
 και οτε απηλθον επι τον τοπον τον καλουμενον κρανιον εκει εσταυρωσαν αυτον και τους κακουργους ον μεν εκ δεξιων ον δε εξ αριστερων
- 34 Jezi di: Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè. Sòlda yo tire osò pou separe rad li yo.
 And Jesus said, Father, let them have forgiveness, for they have no knowledge of what they are doing. And they made division of his clothing among them by the decision of chance.
 ο δε ιησους ελεγεν πατερ αφες αυτοις ου γαρ οιδασιν τι ποιουσιν διαμεριζομενοι δε τα ιματια αυτου εβαλον κληρον
- 35 Pèp la te kanpe la ap gade. Chèf yo t'ap pase Jezi nan rizib, yo t'ap di: Gade! Li sove lòt moun; si se Kris la li ye, moun Bondye chwazi a, se pou l' sove tèt pa l' tou.
 And the people were looking on. And the rulers made sport of him, saying, He was a saviour of others; let him do something for himself, if he is the Christ, the man of God's selection.
 και ειστηκει ο λαος θεωρων εξεμυκτηριζον δε και οι αρχοντες συν αυτοις λεγοντες αλλους εσωσεν σωσατω εαυτον ει ουτος εστιν ο χριστος ο του θεου εκλεκτος
- 36 Sòlda yo t'ap pase l' nan betiz tou. Yo pwoche bò kote l', yo ba l' venèg pou l' bwè,
 And the men of the army made sport of him, coming to him and giving him bitter wine,
 ενεπαιζον δε αυτω και οι στρατιωται προσερχομενοι και οξος προσφεροντες αυτω
- 37 epi yo di li: Si ou se wa jwif yo, se pou ou sove tèt ou ou menm!
 And saying, If you are the King of the Jews, get yourself free.
 και λεγοντες ει συ ει ο βασιλευς των ιουδαιων σωσον σεαυτον

- 38 Men sak te ekri sou tèt kwa a: Nonm sa a se wa jwif yo li ye.
And these words were put in writing over him, THIS IS THE KING OF THE JEWS.
 ην δε και επιγραφη γεγραμμενη επ αυτω γραμμασιν ελληνικοις και ρωμαικοις και εβραιοις ουτος εστιν ο βασιλευς των ιουδαιων
- 39 Yonn nan krimenèl yo te kloure sou kwa yo t'ap joure li. Li t'ap di li: Se pa ou ki Kris la? Sove tèt ou non, epi sove nou ansanm avè ou tou.
And one of the evil-doers on the cross, with bitter feeling, said to him, Are you not the Christ? Get yourself and us out of this.
 εις δε των κρεμασθεντων κακουργων εβλασφημει αυτον λεγων ει συ ει ο χριστος σωσον σεαυτον και ημας
- 40 Men lòt la reprann li, li di li: Gen lò ou pa pè Bondye, ou menm ki anba menm kondannasyon avèk li a?
But the other, protesting, said, Have you no fear of God? for you have a part in the same punishment,
 αποκριθεις δε ο ετερος επετιμα αυτω λεγων ουδε φοβη συ τον θεον οτι εν τω αυτω κριματι ει
- 41 Pou nou menm se jistis, paske nou resevwa sa nou merite pou krim nou fè. Men li menm, li pa fè anyen.
And with reason; for we have the right reward of our acts, but this man has done nothing wrong.
 και ημεις μεν δικαιως αξια γαρ ων επραξαμεν απολαμβανομεν ουτος δε ουδεν αποπον επραξεν
- 42 Epi li di Jezi: Chonje m' wi lè wa vin pran gouvènman an nan men ou!
And he said, Jesus, keep me in mind when you come in your kingdom.
 και ελεγεν τω ιησου μνησθητι μου κυριε οταν ελθης εν τη βασιλεια σου
- 43 Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la, se vre wi: Jòdi a ou pral avè m' nan paradi.
And he said to him, Truly I say to you, Today you will be with me in Paradise.
 και ειπεν αυτω ο ιησους αμην λεγω σοι σημερον μετ εμου εση εν τω παραδεισω
- 44 ¶ Li te midi konsa lè solèy la sispann klere sou tout peyi a jouk vè twazè nan apremidi.
And it was now about the sixth hour; and all the land was dark till the ninth hour;
 ην δε ωσει ωρα εκτη και σκοτος εγενετο εφ ολην την γην εως ωρας εννατης
- 45 Rido ki te nan tanp lan chire fè de moso.
The light of the sun went out, and the curtain in the Temple was parted in two.
 και εσκοτισθη ο ηλιος και εσχισθη το καταπετασμα του ναου μεσον
- 46 Jezi rele byen fò, li di: Papa, m' ap renmèt lespri mwen nan men ou. Apre l' fin di pawòl sa yo, li mourì.
And Jesus gave a loud cry and said, Father, into your hands I give my spirit: and when he had said this, he gave up his spirit.
 και φωνησας φωνη μεγάλη ο ιησους ειπεν πατερ εις χειρας σου παραθησομαι το πνευμα μου και ταυτα ειπων εξεπνευσεν
- 47 Lè kaptenn lame a wè sak te rive, li fè lwanj Bondye, epi li di: Se vre wi. Nonm sa a te inonsan.
And when the captain saw what was done, he gave praise to God, saying, Without doubt this was an upright man.
 ιδων δε ο εκατονταρχος το γενομενον εδοξασεν τον θεον λεγων οντως ο ανθρωπος ουτος δικαιος ην
- 48 Tout moun ki te vini an foul pou asiste espektak sa a te wè sak te rive. Yo tounen al lakay yo, yo t'ap bat lestonmak yo.
And all the people who had come together to see it, when they saw the things which were done, went back again making signs of grief.
 και παντες οι συμπαραγενομενοι οχλοι επι την θεωριαν ταυτην θεωρουντες τα γενομενα τυπτοντες εαυτων τα στηθη υπεστρεφον
- 49 Tout zanmi Jezi yo te rete yon ti jan lwen ansanm ak fanm ki t'ap mache avè l' yo depi nan peyi Galile. Yo tout t'ap gade sak t'ap pase.
And all his friends and the women who came with him from Galilee, were waiting at a distance, watching these things.
 ειστηκεισαν δε παντες οι γνωστοι αυτου μακροθεν και γυναικες αι συνακολουθησασαι αυτω απο της γαλιλαιας ορωσαι ταυτα
- 50 ¶ Te gen yon jwif ki te rele Jozèf, moun lavil Arimate. Se te yon bon gason ki te mache dwat devan Bondye.
Now there was a man named Joseph, a man of authority and a good and upright man
 και ιδου ανηρ ονοματι ιωσηφ βουλευτης υπαρχων ανηρ αγαθος και δικαιος
- 51 Li t'ap tann kilè Bondye t'ap vin pran pouwva a nan men li. Li te fè pati Gran Konsèy jwif yo, men li pa t' dakò ak sa lòt yo te fè ni ak sa yo te deside.
(He had not given his approval to their decision or their acts), of Arimathaea, a town of the Jews, who was waiting for the kingdom of God:
 ουτος ουκ ην συγκαταθεθειμενος τη βουλη και τη πραξει αυτων απο αριμαθαιας πολεως των ιουδαιων ος και προσεδεχετο και αυτος την βασιλειαν του θεου

- 52 Jozèf al lakay Pilat, li mande kò Jezi.
This man went to Pilate and made a request for the body of Jesus.
ουτος προσελθων τω πιλατω ητησατο το σωμα του ιησου
- 53 Apre sa, li al desann kò a sou kwa a, li vlope l' nan yon bèl dra blan, epi li mete l' nan yon kavò yo te fouye nan wòch. Se te yon kavò tou nèf: yo pa t' ankò janm mete pesonn ladan li.
And he took it down, and folding it in a linen cloth, he put it in a place cut in the rock for a dead body; and no one had ever been put in it.
και καθελων αυτο ενετυλιξεν αυτο σινδονι και εθηκεν αυτο εν μνηματι λαξευτω ου ουκ ην ουδεπω ουδεις κειμενος
- 54 Se te yon jou vandredi, repo a tapral kòmanse.
Now it was the day of making ready and the Sabbath was coming on.
και ημερα ην παρασκευη και σαββατον επεφωσκεν
- 55 Medam ki t'ap mache avèk Jezi depi nan peyi Galile yo te ale ansanm ak Jozèf. Yo wè kavò a, yo wè ki jan yo te mete kò Jezi ladan li.
And the women who had come with him from Galilee went after him and saw the place and how his body had been put to rest;
κατακολουθησασαι δε και γυναικες αιτινες ησαν συνεληλυθυιαι αυτο εκ της γαλιλαιας εθεασαντο το μνημειον και ως ετεθη το σωμα αυτου
- 56 Apre sa, yo tounen lakay yo, y' al pare lwil santi bon ak odè pou benyen kò a. Men, jou repo a yo pa t' fè anyen, jan lalwa Moyiz te vle l' la.
And they went back and got ready spices and perfumes; and on the Sabbath they took their rest, in agreement with the law.
υποστρεψασαι δε ητοιμασαν αρωματα και μυρα και το μεν σαββατον ησυχασαν κατα την εντολην
- 1 ¶ Nan dimanch maten, byen bonè, medam yo ale nan kavò a. Yo te pote lwil santi bon yo te pare pou benyen kò a.
But on the first day of the week, at dawn, they came to the place where his body had been put, taking the spices which they had got ready.
τη δε μια των σαββατων ορθρου βαθεος ηλθον επι το μνημα φερουσαι α ητοιμασαν αρωματα και τινες συν αυταις
- 2 Yo jwenn wòch ki te fèmen kavò a te woule byen lwen soti devan bouch kavò a.
And they saw that the stone had been rolled away.
ευρον δε τον λιθον αποκεκυλισμενον απο του μνημειου
- 3 Yo antre, men yo pa jwenn kò Seyè Jezi.
And they went in, but the body of the Lord Jesus was not there.
και εισελθουσαι ουχ ευρον το σωμα του κυριου ιησου
- 4 Yo te la konsa, yo pa t' konn sa pou yo te fè lè de moun parèt devan yo ak rad yo byen klere.
And while they were in doubt about it, they saw two men in shining clothing by them:
και εγενετο εν τω διαπορεισθαι αυτας περι τουτου και ιδου δυο ανδρες επεστησαν αυταις εν εσθησεσιν αστραπτουσαις
- 5 Medam yo te pè anpil. Yo bese tèt yo atè; men de moun yo di yo konsa: Poukisa n'ap chache moun vivan an nan mitan mò yo?
And while their faces were bent down to the earth in fear, these said to them, Why are you looking for the living among the dead?
εμφοβον δε γενομενων αυτων και κλινουσων το προσωπον εις την γην ειπον προς αυτας τι ζητατε τον ζωντα μετα των νεκρων
- 6 (Li pa isit; li leve soti vivan nan lanmò.) Chonje sa l' te di nou lè l' te Galile a:
He is not here, he has come back to life: have in mind what he said to you when he was still in Galilee, saying,
ουκ εστιν ωδε αλλ ηγερθη μνησθητε ως ελαλησεν υμιν επι ων εν τη γαλιλαια
- 7 Moun Bondye voye nan lachè a gen pou tonbe anba men pechè yo; yo gen pou yo kloure l' sou yon kwa. Men, sou twa jou l'ap leve soti vivan ankò.
The Son of man will be given up into the hands of evil-doers, and be put to death on the cross, and on the third day he will come back to life.
λεγων οτι δει τον υιον του ανθρωπου παραδοθηναι εις χειρας ανθρωπων αμαρτωλων και σταυρωθηναι και τη τριτη ημερα αναστηναι
- 8 Yo vin chonje pawòl Jezi te di yo.
And his words came back into their minds,
και εμνησθησαν των ρηματων αυτου
- 9 Yo soti kite kavò a, y' al rakonte onz disip yo ak lòt moun yo tout bagay sa yo.
And they went away from that place and gave an account of all these things to the eleven disciples and all the others.
και υποστρεψασαι απο του μνημειου απηγγειλαν ταυτα παντα τοις ενδεκα και πασιν τοις λοιποις

- 10 Men non medam yo: se te Mari, moun Magdala a, Jan ak Mari, manman Jak. Te gen lòt fanm avèk yo tou. Yo menm tou, yo te rakonte apòt yo menm bagay la.
Now they were Mary Magdalene, and Joanna, and Mary, the mother of James: and the other women with them said these things to the Apostles.
ησαν δε η μαγδαληνη μαρια και ιωαννα και μαρια ιακωβου και αι λοιπαι συν αυταις αι ελεγον προς τους αποστολους ταυτα
- 11 Men, apòt yo te pran sa medam yo t'ap di a pou istwa san sans, yo pa t' kwè yo.
But these words seemed foolish to them, and they had no belief in them.
και εφανησαν ενωπιον αυτων ωσει ληρος τα ρηματα αυτων και ηπιστουν αυταις
- 12 Lè sa a, Pyè leve, li kouri al nan kavo a. Li bese, li wè dra mò a sèlman. Apre sa, li tounen lakay li. Li te sezi anpil pou sak te rive a.
But Peter got up and went to the place where the body had been put, and looking in he saw nothing but the linen cloths, and he went to his house full of wonder at what had taken place.
ο δε πετρος αναστας εδραμεν επι το μνημειον και παρακυψας βλεπει τα οθονια κειμενα μονα και απηλθεν προς εαυτον θαυμαζων το γεγονος
- 13 ¶ Menm jou sa a, te gen de disip ki tapral nan yon bouk yo rele Emayis. Bouk la te yon ti distans onz kilomèt konsa ak lavil Jerizalèm.
And then, two of them, on that very day, were going to a little town named Emmaus, which was about seven miles from Jerusalem.
και ιδου δυο εξ αυτων ησαν πορευομενοι εν αυτη τη ημερα εις κωμην απεχουσαν σταδιους εξηκοντα απο ιερουσαλημ η ονομα εμμαους
- 14 De disip yo t'ap koze sou tou sa ki te pase.
And they were talking together about all those things which had taken place.
και αυτοι ωμιλουν προς αλληλους περι παντων των συμβεβηκοτων τουτων
- 15 Yo t'ap pale, yo t'ap diskite yonn ak lòt. Lè sa a, Jezi pwoche bò kote yo, li tanmen fè wout ak yo.
And while they were talking and questioning together, Jesus himself came near and went with them.
και εγενετο εν τω ομιλειν αυτους και συζητειν και αυτος ο ιησους εγγισας συνεπορευετο αυτοις
- 16 Yo te wè l', men te gen kichòy ki te anpeche yo rekonèt li.
But their eyes were not open that they might have knowledge of him.
οι δε οφθαλμοι αυτων εκρατουντο του μη επιγνωαι αυτον
- 17 Li di yo: Sou kisa n'ap pale konsa antan n'ap mache a? Yo rete yo kanpe tou tris.
And he said to them, What are you talking about together while you go?
ειπεν δε προς αυτους τινες οι λογοι ουτοι ους αντιβαλλετε προς αλληλους περιπατουντες και εστε σκυθρωποι
- 18 Yonn ladan yo ki te rele Kleopas reponn li: Gen lè ou se sèl moun k'ap viv lavil Jerizalèm ki pa konn sak te rive nan senmenn ki sot pase a?
Then stopping, and looking sadly at him, one of them, named Cleopas, said to him, Are you the only man living in Jerusalem who has not had news of the things which have taken place there at this time?
αποκριθεις δε ο εις ω ονομα κλεοπας ειπεν προς αυτον συ μονος παρ οικεις εν ιερουσαλημ και ουκ εγνωσ τα γενομενα εν αυτη εν ταις ημεραις ταυταις
- 19 Li di yo: Ki sak te rive konsa? Yo reponn li: Tou sak te rive Jezi, moun Nazarèt la. Nonm sa a te yon gwo pwofèt devan Bondye ak devan tout pèp la: li te fè anpil bèl bagay epi li te pale byen.
And he said to them, What things? And they said, The things to do with Jesus of Nazareth, who was a prophet, great in his acts and his words, before God and all the people:
και ειπεν αυτοις ποια οι δε ειπον αυτω τα περι ιησου του ναζωραιου ος εγενετο ανηρ προφητης δυνατος εν εργω και λογω εναντιον του θεου και παντος του λαου
- 20 Enben, chèf prèt yo ak otorite nou yo fè yo kondannen l' amò, epi yo kloure l' sou yon kwa.
And how the chief priests and our rulers gave him up to be put to death on the cross.
οπως τε παρεδωκαν αυτον οι αρχιερεις και οι αρχοντες ημων εις κριμα θανατου και εσταυρωσαν αυτον
- 21 Nou te gen espwa se li menm ki t'ap vin delivre pep Izrayèl la. Men, jòdi a fè twa jou depi bagay sa yo pase.
But we were hoping that he would be the Saviour of Israel. In addition to all this he has now let three days go by from the time when these things took place;
ημεις δε ηλπιζομεν οτι αυτος εστιν ο μελλων λυτρουσθαι τον ισραηλ αλλα γε συν πασιν τουτοις τριτην ταυτην ημεραν αγει σημερον αφ ου ταυτα εγενετο
- 22 Fòk nou di ou tou gen kèk fanm nan gwoup nou an ki fè nou byen sezi. Yo te al nan kavo a granmaten jòdi a.
And certain women among us gave us cause for wonder, for they went early to the place where his body had been put,
αλλα και γυναικες τινες εξ ημων εξεστησαν ημας γενομεναι ορθριαι επι το μνημειον
- 23 Men, yo pa jwenn kò a. Yo tounen vin rakonte te gen zanj Bondye ki te parèt devan yo, ki te di yo li vivan.
And it was not there; then they came saying that they had seen a vision of angels who said that he was living.
και μη ευρουσαι το σωμα αυτου ηλθον λεγουσαι και οπτασιαν αγγελων εωρακεναι οι λεγουσιν αυτον ζην

- 24 Gen kèk zanmi nou yo ki al nan kavo a tou. Yo jwenn tout bagay jan medam yo te di l' la; men li menm, yo pa wè li.
And some of those who were with us went to the place, and saw that it was as the women had said, but him they did not see.
και απηλθον τινες των συν ημιν επι το μνημειον και ευρον ουτως καθως και αι γυναικες ειπον αυτον δε ουκ ειδον
- 25 Lè sa a Jezi di yo: Ala moun san konprann! Ki jan Iespri nou fè lou pou kwè tou sa pwofèt yo te di konsa!
And he said, O foolish men! how slow you are to give belief to what the prophets have said.
και αυτος ειπεν προς αυτους ω ανοητοι και βραδεις τη καρδια του πιστευειν επι πασιν οις ελαλησαν οι προφηται
- 26 Eske se pa pou Kris la te soufri bagay sa yo anvan pou l' te resevwa lwanj li?
Was it not necessary for the Christ to go through these things, and to come into his glory?
ουχι ταυτα εδει παθειν τον χριστον και εισελθειν εις την δοξαν αυτου
- 27 Epi li pran esplike yo tou sa ki te ekri sou li nan Liv yo; li kòmanse ak Liv Moyiz yo, li pase nan tout Liv pwofèt yo.
And he made clear to them all the things in the Writings, from Moses and from all the prophets, which had to do with himself.
και αρξαμενος απο μωσεως και απο παντων των προφητων διηρμηνευεν αυτοις εν πασαις ταις γραφαις τα περι εαντου
- 28 Lè yo rive toupri ti bouk kote yo t'ap prale a, Jezi fè tankou li ta vle al pi lwen.
And they came near the town to which they were going, and he seemed as if he was going on;
και ηγγισαν εις την κωμην ου επορευοντο και αυτος προσεποιετο πορρωτερω πορευεσθαι
- 29 Yo kenbe l', yo di li: Rete avèk nou non. Solèy fin kouche, pral fènwa. Li antre pou l' rete ak yo.
But they kept him back, saying, Do not go, for evening is near, the day is almost gone. And he went in with them.
και παρεβιασαντο αυτον λεγοντες μεινον μεθ ημων οτι προς εσπεραν εστιν και κεκλικεν η ημερα και εισηλθεν του μειναι συν αυτοις
- 30 Li chita bò tab la ak yo pou manje. Li pran pen, li di Bondye mèsi, li kase l', epi li ba yo li.
And when he was seated with them at table, he took the bread, and said words of blessing and, making division of it, he gave it to them.
και εγενετο εν τω κατακλιθηναι αυτον μετ αυτων λαβων τον αρτον ευλογησεν και κλασας επεδιδου αυτοις
- 31 Menm lè a, je yo louvri, yo rekonèt li. Men, li disparèt lamenm devan yo.
And then their eyes were open, and they had knowledge of him, but he went from their view.
αυτων δε διηνοιχθησαν οι οφθαλμοι και επεγνωσαν αυτον και αυτος αφαντος εγενετο απ αυτων
- 32 Yonn pran di lòt: Eske nou pa t' santi tankou yon dife k'ap boule nan kè nou lè l' t'ap pale avèk nou sou tout wout la, lè l' t'ap esplike nou sak te ekri nan Liv yo?
And they said to one another, Were not our hearts burning in us while he was talking to us on the way, making clear to us the holy Writings?
και ειπον προς αλληλους ουχι η καρδια ημων καιομενη ην εν ημιν ως ελαλει ημιν εν τη οδω και ως διηνοιγεν ημιν τας γραφας
- 33 Latou, yo leve, yo tounen Jerizalèm. Lè yo rive, yo jwenn onz disip yo reyini ak zanmi yo.
And that very hour they got up and went back to Jerusalem, where the eleven and the others had come together.
και ανασταντες αυτη τη ωρα υπεστρεψαν εις ιερουσαλημ και ευρον συνηθροισμενους τους ενδεκα και τους συν αυτοις
- 34 Yo tout yo t'ap di: Se vre wi, Seyè a leve vivan. Simon wè li.
And they said to them, The Lord has truly come back to life again, and Simon has seen him.
λεγοντας οτι ηγερθη ο κυριος οντως και ωφθη σιμωνι
- 35 Lè sa a, de disip yo pran rakonte sak te rive yo sou wout la, ki jan yo te rekonèt li lè l' te kase pen an.
And they gave an account of the things which had taken place on the way, and how, when he gave them bread, they had knowledge of him.
και αυτοι εξηγουντο τα εν τη οδω και ως εγνωσθη αυτοις εν τη κλασει του αρτου
- 36 ¶ Pandan yo t'ap pale konsa, Jezi li menm vin kanpe nan mitan yo, li di yo: benediksyon Bondye sou nou tout.
And while they were saying these things, he himself was among them, and said to them, Peace be with you!
ταυτα δε αυτων λαλουντων αυτος ο ιησους εστη εν μεσω αυτων και λεγει αυτοις ειρηνη υμιν
- 37 Yo te pè, yo pran tranble: yo te kwè se yon revenan.
But they were full of fear, being of the opinion that they were seeing a spirit.
πτοηθεντες δε και εμφοβοι γενομενοι εδοκουν πνευμα θεωρειν

- 38 Men, Jezi di yo: Poukisa nou pè konsa? Pouki tout lide sa yo nan tèt nou?
 And he said to them, Why are you troubled, and why are your hearts full of doubt?
 και ειπεν αυτοις τι τεταραγμενοι εστε και διατι διαλογισμοι αναβαινουσιν εν ταις καρδιαις υμων
- 39 Gade men m' ak pye m' yo. Se mwen menm wi. Nou mèt mangen m'. Gade m' byen: yon revenan pa gen vyann ak zo jan nou wè m' genyen an.
 See; my hands and my feet: it is I myself; put your hands on me and make certain; for a spirit has not flesh and bones as you see that I have.
 ιδετε τας χειρας μου και τους ποδας μου οτι αυτος εγω εμι ψηλαφησατε με και ιδετε οτι πνευμα σαρκα και οστεα ουκ εχει καθως εμε θεωρειτε εχοντα
- 40 Antan li t'ap di yo sa, li moutre yo men l' ak pye l' yo.
 And when he had said this, he let them see his hands and his feet.
 και τουτο ειπων επεδειξεν αυτοις τας χειρας και τους ποδας
- 41 Yon sèl kè kontan pran disip yo, men yo pa t' kwè toujou sitèlman yo te sezi. Lè sa a, Jezi di yo: Eske nou gen kichòy la a pou manje?
 And because, for joy and wonder, they were still in doubt, he said to them, Have you any food here?
 ετι δε απιστουντων αυτων απο της χαρας και θαυμαζοντων ειπεν αυτοις εχετε τι βρωσιμον ενθαδε
- 42 Yo ofri l' yon moso pwason boukannen.
 And they gave him a bit of cooked fish.
 οι δε επεδωκαν αυτω ιχθυος οπτου μερος και απο μελισσιου κηριου
- 43 Li pran l', li manje l' devan je yo.
 And before their eyes he took a meal.
 και λαβων ενωπιον αυτων εφαγεν
- 44 Epi li di yo: Men sa m' t'ap di nou an lè m' te la avèk nou toujou a. Tou sa ki te ekri sou mwen nan lalwa Moyiz la, nan Liv pwofèt yo, menm nan sòm yo, fòk tou sa te rive.
 And he said to them, These are the words which I said to you when I was still with you, how it was necessary for all the things which are in the writings of Moses and the prophets and in the Psalms about me, to be put into effect.
 ειπεν δε αυτοις ουτοι οι λογοι ους ελαλησα προς υμας ετι ων συν υμιν οτι δει πληρωθηναι παντα τα γεγραμμενα εν τω νομο μωσεως και προφηταις και ψαλμοις περι εμου
- 45 Lè sa a, li louvri lespri yo pou yo te ka konprann tou sa ki te ekri nan Liv yo.
 Then he made the holy Writings clear to their minds.
 τοτε διηνοιξεν αυτων τον νουν του συνιεναι τας γραφας
- 46 Li di yo: Men sa ki te ekri: Kris la gen pou l' soufri jouk li mouri, men sou twa jou li gen pou l' soti vivan nan lanmò.
 And he said to them, So it is in the Writings that the Christ would undergo death, and come back to life again on the third day;
 και ειπεν αυτοις οτι ουτως γεγραπται και ουτως εδει παθην τον χριστον και αναστηναι εκ νεκρων τη τριτη ημερα
- 47 Y'a pran non l' pou yo mache fè konnen mesaj la nan tout peyi, kòmanse lavil Jerizalèm, pou mande tout moun pou yo tounen vin jwenn Bondye pou yo ka resevwa padon peche yo.
 And that teaching about a change of heart and forgiveness of sins is to be given to Jerusalem first and to all nations in his name.
 και κηρυχθηναι επι τω ονοματι αυτου μετανοιαν και αφεσιν αμαρτιων εις παντα τα εθνη αρξαμενον απο ιερουσαλημ
- 48 Nou temwen tout bagay sa yo.
 You are witnesses of these things.
 υμεις δε εστε μαρτυρες τουτων
- 49 Mwen menm, mapral voye ban nou sa Papa m' te pwomèt la. Nou menm, rete lavil Jerizalèm jouk pouvwa k'ap soti anwo nan syèl la va desann sou nou.
 And now I will send to you what my father has undertaken to give you, but do not go from the town, till the power from heaven comes to you.
 και ιδου εγω αποστελλω την επαγγελιαν του πατρος μου εφ υμας υμεις δε καθισατε εν τη πολει ιερουσαλημ εως ου ενδουσησθε δυναμιν εξ υψους
- 50 ¶ Apre sa, li mennen yo an deyò lavil la, bò Betani, epi li leve men li pou l' beni yo.
 And he took them out till they were near Bethany, and lifting up his hands, he gave them a blessing.
 εξηγαγεν δε αυτους εξω εως εις βηθανιαν και επαρας τας χειρας αυτου ευλογησεν αυτους
- 51 Antan l'ap beni yo konsa, li separe ak yo, li moute nan syèl la.
 And while he was doing so, he went from them and was taken up into heaven.
 και εγενετο εν τω ευλογειν αυτον αυτους διεστη απ αυτων και ανεφερετο εις τον ουρανον

- 52 Yo menm menm, lè yo fin adore l', yo tounen lavil Jerizalèm ak yon gwo kè kontan.
 And they gave him worship and went back to Jerusalem with great joy.
 και αυτοι προσκυνησαντες αυτον υπεστρεψαν εις ιερουσαλημ μετα χαρας μεγαλης
- 53 Se tout tan yo te nan tamp lan ap fè lwanj Bondye.
 And they were in the Temple at all times, giving praise to God.
 και ησαν διαπαντος εν τω ιερω αιουοντες και ευλογουντες τον θεον αμην
- 1 ¶ Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou.
 From the first he was the Word, and the Word was in relation with God and was God.
 εν αρχη ην ο λογος και ο λογος ην προς τον θεον και θεος ην ο λογος
- 2 Pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman.
 This Word was from the first in relation with God.
 ουτος ην εν αρχη προς τον θεον
- 3 Se ak Pawòl la Bondye fè tout bagay. Nan tou sa ki te fèt, pa t' gen anyen ki te fèt san Pawòl la.
 All things came into existence through him, and without him nothing was.
 παντα δι αυτου εγενετο και χωρις αυτου εγενετο ουδε εν ο γεγονεν
- 4 Lavi, se nan li sa te ye. Se lavi sa a ki te bay tout moun limyè.
 What came into existence in him was life, and the life was the light of men.
 εν αυτω ζωη ην και η ζωη ην το φως των ανθρωπων
- 5 ¶ Limyè a klere nan fènwa a. Men, fènwa a pa t' resevwa li.
 And the light goes on shining in the dark; it is not overcome by the dark.
 και το φως εν τη σκοτια φαινει και η σκοτια αυτο ου κατελαβεν
- 6 Bondye te voye yon nonm ki te rele Jan.
 There was a man sent from God, whose name was John.
 εγενετο ανθρωπος απεσταλμενος παρα θεου ονομα αυτω ιωαννης
- 7 Li te vin sèvi temwen pou pale sou limyè a. Li te vini pou tout moun ki te tande mesaj li a te ka kwè.
 He came for witness, to give witness about the light, so that all men might have faith through him.
 ουτος ηλθεν εις μαρτυριαν ινα μαρτυρηση περι του φωτος ινα παντες πιστευσωσιν δι αυτου
- 8 Se pa li menm ki te limyè a. Li te vin pou sèvi temwen pou pale sou limyè a.
 He himself was not the light: he was sent to give witness about the light.
 ουκ ην εκεινος το φως αλλ ινα μαρτυρηση περι του φωτος
- 9 Limyè sa a, se li ki limyè tout bon an. Se li menm ki vin sou latè epi k'ap klere tout moun.
 The true light, which gives light to every man, was then coming into the world.
 ην το φως το αληθινον ο φωτιζει παντα ανθρωπον ερχομενον εις τον κοσμον
- 10 Pawòl la te nan lemonn. Se ak Pawòl la Bondye te fè tou sa ki nan lemonn; men, moun ki nan lemonn pa t' rekonèt li.
 He was in the world, the world which came into being through him, but the world had no knowledge of him.
 εν τω κοσμω ην και ο κοσμος δι αυτου εγενετο και ο κοσμος αυτον ουκ εγνω
- 11 Li vin nan peyi l'; men tout moun nan peyi l' pa t' resevwa li.
 He came to the things which were his and his people did not take him to their hearts.
 εις τα ιδια ηλθεν και οι ιδιοι αυτον ου παρελαβον
- 12 Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye.
 To all those who did so take him, however, he gave the right of becoming children of God--that is, to those who had faith in his name:
 οσοι δε ελαβον αυτον εδωκεν αυτοις εξουσιαν τεκνα θεου γενεσθαι τοις πιστευουσιν εις το ονομα αυτου

- 13 Yo pa t' vin pitit Bondye jan sa fèt pami lèzòm sou latè, paske sa pa t' soti nan egzijans lachè, ni nan volonte lèzòm. Se Bondye menm ki te papa yo.
Whose birth was from God and not from blood, or from an impulse of the flesh and man's desire.
οι ουκ εξ αιματων ουδε εκ θεληματος σαρκος ουδε εκ θεληματος ανδρος αλλ εκ θεου εγεννηθησαν
- 14 Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a.
And so the Word became flesh and took a place among us for a time; and we saw his glory--such glory as is given to an only son by his father--saw it to be true and full of grace.
και ο λογος σαρξ εγενετο και εσκηνωσεν εν ημιν και εθεασαμεθα την δοξαν αυτου δοξαν ως μονογενους παρα πατρος πληρης χαριτος και αληθειας
- 15 ¶ Se li menm Jan Batis t'ap pale a, lè l' te di byen fò: Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m' te di nou: L'ap vin apre mwen. Men, li gen plis pouvwa pase m', paske li te la anvan mwen.
John gave witness about him, crying, This is he of whom I said, He who is coming after me is put over me because he was in existence before me.
ιωαννης μαρτυρει περι αυτου και κεκραγεν λεγων ουτος ην ον ειπον ο οπισω μου ερχομενος εμπροσθεν μου γεγονεν οτι πρωτος μου ην
- 16 Nou tout nou resevwa pa nou nan tout kantite byen l' yo. Li ban nou favè sou favè.
From his full measure we have all been given grace on grace.
και εκ του πληρωματος αυτου ημεις παντες ελαβομεν και χαριν αντι χαριτος
- 17 Bondye fè Moyiz ban nou lalwa. Men, se Jezikri ki fè nou konnen renmen Bondye a ansanm ak verite a.
For the law was given through Moses; grace and the true way of life are ours through Jesus Christ.
οτι ο νομος δια μωσεως εδοθη η χαρις και η αληθεια δια ιησου χριστου εγενετο
- 18 Pesonn pa janm wè Bondye. Men, sèl Pitit Bondye a, li menm ki Bondye tou, li menm k'ap viv kòtakòt ak Papa a, se li menm ki fè moun konnen Bondye.
No man has seen God at any time; the only Son, who is on the breast of the Father, he has made clear what God is.
θεον ουδεις εωρακεν ποποτε ο μονογενης υιος ο ων εις τον κολπον του πατρος εκεινος εξηγησατο
- 19 ¶ Men sa Jan Batis te di lè jwif ki lavil Jerizalèm yo te voye kèk prèt ak kèk moun Levi vin mande l' ki moun li ye.
And this is the witness of John when the Jews sent priests and Levites from Jerusalem to him with the question, Who are you?
και αυτη εστιν η μαρτυρια του ιωαννου οτε απεστειλαν οι ιουδαιοι εξ ιεροσολυμων ιερεις και λευιτας ινα ερωτησωσιν αυτον συ τις ει
- 20 Jan pa t' refize reponn yo, li di yo kareman devan tout moun: Se pa mwen ki Kris la.
He said quite openly and straightforwardly, I am not the Christ.
και ωμολογησεν και ουκ ηρνησατο και ωμολογησεν οτι ουκ ειμι εγω ο χριστος
- 21 Yo mande li: Ki moun ou ye atò? Ou se Eli? Jan reponn yo: Non, mwen pa Eli. Yo di li: Ou se pwofèt la? Li reponn yo: Non.
And they said to him, What then? Are you Elijah? And he said, I am not. Are you the prophet? And his answer was, I am not.
και ηρωτησαν αυτον τι ουν ηλιας ει συ και λεγει ουκ ειμι ο προφητης ει συ και απεκριθη ου
- 22 Lè sa a yo di li: Ki moun ou ye menm? Paske, nou gen pou n' pote yon repons bay moun ki voye nou yo. Ki moun ou di ou ye?
So they said to him, Who are you then? We have to give some answer to those who sent us. What have you to say about yourself?
ειπον ουν αυτω τις ει ινα αποκρισιν δωμεν τοις πεμψασιν ημας τι λεγεις περι σεαυτου
- 23 Jan reponn: Mwen se vwa nonm k'ap rele nan dezè a: Plani chemen an byen plani pou Mèt la! (Se sa pwofèt Ezayi te di.)
He said, I am the voice of one crying in the waste land, Make straight the way of the Lord, as said Isaiah the prophet.
εφη εγω φωνη βοωντος εν τη ερημω ευθυνατε την οδον κυριου καθως ειπεν ησαιας ο προφητης
- 24 Gen nan moun yo te voye bò kot Jan yo ki te soti lakay farizyen yo.
Those who had been sent came from the Pharisees.
και οι απεσταλμενοι ησαν εκ των φαρισαιων
- 25 Yo mande li: Si ou pa ni Kris la, ni Eli, ni pwofèt la, di nou poukisa w'ap batize moun?
And they put this question to him, saying, Why then are you giving baptism if you are not the Christ, or Elijah, or the prophet?
και ηρωτησαν αυτον και ειπον αυτω τι ουν βαπτιζεις ει συ ουκ ει ο χριστος ουτε ηλιας ουτε ο προφητης
- 26 Jan reponn yo: Mwen menm, mwen batize nou nan dlo. Men, nan mitan nou la a, gen yon moun nou pa konnen.
John's answer was: I give baptism with water; but there is one among you of whom you have no knowledge;
απεκριθη αυτοις ο ιωαννης λεγων εγω βαπτιζω εν υδατι μεσος δε υμων εστηκεν ον υμεις ουκ οιδατε

- 27 L'ap vin apre m', men mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat li.
It is he who is coming after me; I am not good enough to undo his shoes.
αυτος εστιν ο οπισω μου ερχομενος ος εμπροσθεν μου γεγονεν ου εγω ουκ ειμι αξιος ινα λυσω αυτου τον ιμαντα του υποδηματος
- 28 Tout bagay sa yo t'ap pase kote yo rele Betani an, lòt bò larivyè Jouden kote Jan t'ap batize a.
These things took place at Bethany on the other side of the Jordan, where John was giving baptism.
ταυτα εν βηθαβαρα εγενετο περαν του ιορδανου οπου ην ιωαννης βαπτιζων
- 29 ¶ Nan denmen, Jan wè Jezi ki t'ap vin jwenn li, li di: Men ti mouton Bondye a k'ap wete peche moun sou tout latè.
The day after, John sees Jesus coming to him and says, See, here is the Lamb of God who takes away the sin of the world!
τη επαυριον βλεπει ο ιωαννης τον ιησουν ερχομενον προς αυτον και λεγει ιδε ο αμνος του θεου ο αιρων την αμαρτιαν του κοσμου
- 30 Men moun mwen t'ap pale nou an, lè m' te di nou gen yon nonm k'ap vin apre m' men ki gen plis pounwa pase m', paske li te la anvan mwen.
This is he of whom I said, One is coming after me who is put over me because he was in existence before me.
ουτος εστιν περι ου εγω ειπον οπισω μου ερχεται ανηρ ος εμπροσθεν μου γεγονεν οτι πρωτος μου ην
- 31 Mwen pa t' konnen ki moun sa tapral ye. Men, mwen vin batize nou nan dlo pou moun pèp Izrayèl yo te ka rekonèt li.
I myself had no knowledge of him, but I came giving baptism with water so that he might be seen openly by Israel.
καγω ουκ ηδειν αυτον αλλ ινα φανερωθη τω ισραηλ δια τουτο ηλθον εγω εν τω υδατι βαπτιζων
- 32 Jan di yo ankò: Mwen wè Lespri Bondye a desann sot nan syèl la tankou yon ti pijon, li rete sou tèt li.
And John gave this witness, saying, I saw the Spirit coming down from heaven like a dove and resting on him.
και εμαρτυρησεν ιωαννης λεγων οτι τεθεαμαι το πνευμα καταβαινον οσει περιστεραν εξ ουρανου και εμεινεν επ αυτον
- 33 Lè sa a, mwen pa t' ankò konnen ki moun li te ye. Men, Bondye ki te voye m' batize nan dlo a, te di m': Wa wè Lespri Bondye a desann. La rete sou tèt yon nonm: Se li menm ki gen pou batize moun nan Sentespri.
I had no knowledge who he was, but he who sent me to give baptism with water said to me, The one on whom you see the Spirit coming down and resting, it is he who gives baptism with the Holy Spirit.
καγω ουκ ηδειν αυτον αλλ ο πεμπας με βαπτιζειν εν υδατι εκεινος μοι ειπεν εφ ον αν ιδης το πνευμα καταβαινον και μενον επ αυτον ουτος εστιν ο βαπτιζων εν πνευματι αγιω
- 34 Jan di yo ankò: Mwen wè sa ak je m', se sa ki fè mwen di nou se li ki Pitit Bondye a vre.
This I saw myself and my witness is that he is the Son of God.
καγω εωρακα και μεμαρτυρηκα οτι ουτος εστιν ο υιος του θεου
- 35 Nan denmen, Jan te menm kote a ankò ak de nan patizan li yo.
The day after, John was there again with two of his disciples;
τη επαυριον παλιν ειστηκει ο ιωαννης και εκ των μαθητων αυτου δυο
- 36 Li wè Jezi ki t'ap pase, li di: Men ti mouton Bondye a.
And looking at Jesus while he was walking he said, See, there is the Lamb of God!
και εμβλεψας τω ιησου περιπατουντι λεγει ιδε ο αμνος του θεου
- 37 ¶ De patizan yo tande sa Jan t'ap di a, yo pran swiv Jezi.
Hearing what he said, the two disciples went after Jesus.
και ηκουσαν αυτου οι δυο μαθηται λαλουντος και ηκολουθησαν τω ιησου
- 38 Jezi vire tèt li gade, li wè yo t'ap swiv li. Li mande yo: Sa n'ap chache? Yo mande li: Ki kote ou rete, Rabi? (Mo rabi sa a vle di mèt.)
And Jesus, turning round, saw them coming after him and said to them, What are you looking for? They said to him, Rabbi (which is to say, Master), where are you living?
στραφεις δε ο ιησους και θεασαμενος αυτους ακολουθουντας λεγει αυτοις τι ζητειτε οι δε ειπον αυτω ραββι ο λεγεται ερμηνευομενον διδασκαλε που μενεις
- 38 Jezi vire tèt li gade, li wè yo t'ap swiv li. Li mande yo: Sa n'ap chache? Yo mande li: Ki kote ou rete, Rabi? (Mo rabi sa a vle di mèt.)
+
στραφεις δε ο ιησους και θεασαμενος αυτους ακολουθουντας λεγει αυτοις τι ζητειτε οι δε ειπον αυτω ραββι ο λεγεται ερμηνευομενον διδασκαλε που μενεις

- 39 Li reponn yo: Vini non, n'a wè. Y' ale vre. Yo wè kote l' te rete a. Yo pase rès jounen an avè li. (Li te vè katrè konsa nan apremidi.)
He said to them, Come and see. They went with him then and saw where he was living; and they were with him all that day: it was then about the tenth hour of the day.
λεγει αυτοις ερχεσθε και ιδετε ηλθον και ειδον που μνει και παρ αυτω εμειναν την ημεραν εκεινην ωρα δε ην ως δεκατη
- 40 Andre, frè Simon Pyè a, te yonn nan de moun ki te tande sa Jan te di a epi ki te swiv Jezi.
Andrew, Simon Peter's brother, was one of the two men who, hearing what John said, went after Jesus.
ην ανδρας ο αδελφος σιμωνος πετρου εις εκ των δυο των ακουσαντων παρα ιωαννου και ακολουθησαντων αυτω
- 41 Premye moun Andre rankontre se te Simon, frè li. Li di li konsa: Nou jwenn Mesi a (ki vle di: Kris la).
Early in the morning he came across his brother and said to him, We have made discovery! It is the Messiah! (which is to say, the Christ).
ευρισκει ουτος πρωτος τον αδελφον τον ιδιον σιμωνα και λεγει αυτω ευρηκαμεν τον μεσσιαν ο εστιν μεθερμηνευομενον ο χριστος
- 42 Li mennen Simon bay Jezi. Jezi gade l', li di: Se ou menm Simon, pitit Jan an? Y'a rele ou Sefas. (Se menm bagay ak Pyè, ki vle di wòch.)
And he took him to Jesus. Looking at him fixedly Jesus said, You are Simon, the son of John; your name will be Cephas (which is to say, Peter).
και ηγαγεν αυτον προς τον ιησουν εμβλενας δε αυτω ο ιησους ειπεν συ ει σιμων ο υιος ιωνα συ κληθηση κηφας ο ερμηνευεται πετρος
- 43 ¶ Nan denmen, Jezi te fè lide ale nan peyi Galile. Li jwenn Filip sou wout la, li di li: Swiv mwen.
The day after this, Jesus had a desire to go into Galilee. He came across Philip and said to him, Come and be my disciple.
τη επαυριον ηθελησεν ο ιησους εξελθειν εις την γαλιλαιαν και ευρισκει φιλιππον και λεγει αυτω ακολουθει μοι
- 44 (Filip te moun lavil Betsayda, kote Andre ak Pyè te rete a.)
Now Philip's town was Beth-saida, where Andrew and Peter came from.
ην δε ο φιλιππος απο βηθσαιδα εκ της πολεως ανδρεου και πετρου
- 45 Apre sa, Filip jwenn Natanayèl. Li di li: Nou jwenn moun Moyiz te pale nou nan liv lalwa a, moun pwofèt yo te pale a tou. Se Jezi, moun lavil Nazarèt, pitit gason Jozèf la.
Philip came across Nathanael and said to him, We have made a discovery! It is he of whom Moses, in the law, and the prophets were writing, Jesus of Nazareth, the son of Joseph.
ευρισκει φιλιππος τον ναθαναηλ και λεγει αυτω ον εγραψεν μωσης εν τω νομο και οι προφηται ευρηκαμεν ιησουν τον υιον του ιωσηφ τον απο ναζαρετ
- 46 Natanayèl di li: Ki bon bagay ki ka soti Nazarèt? Filip reponn li: Vini non, wa wè.
Nazareth! said Nathanael, Is it possible for any good to come out of Nazareth? Philip said to him, Come and see.
και ειπεν αυτω ναθαναηλ εκ ναζαρετ δυναται τι αγαθον ειναι λεγει αυτω φιλιππος ερχου και ιδε
- 47 Lè Jezi wè Natanayèl ap vin bò kote l', li di sou li: Men yon moun pèp Izrayèl tout bon. Se yon nonm ki pa gen riz nan li.
Jesus saw Nathanael coming to him and said of him, See, here is a true son of Israel in whom there is nothing false.
ειδεν ο ιησους τον ναθαναηλ ερχομενον προς αυτον και λεγει περι αυτου ιδε αληθως ισραηλιτης εν ω δολος ουκ εστιν
- 48 Natanayèl mande li: Ki jan ou fè konnen mwen? Jezi reponn li: Anvan Filip te rele ou la, mwen te wè ou lè ou te anba pye fig Frans lan.
Nathanael said to him, Where did you get knowledge of me? In answer Jesus said, Before Philip was talking with you, while you were still under the fig-tree, I saw you.
λεγει αυτω ναθαναηλ ποθεν με γνωσκεις απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτω προ του σε φιλιππον φωνησαι οντα υπο την συκην ειδον σε
- 49 Lè sa a, Natanayèl di li: Mèt, ou se Pitit Bondye a. Ou se wa pèp Izrayèl la!
Nathanael said to him, Rabbi, you are the Son of God, you are King of Israel!
απεκριθη ναθαναηλ και λεγει αυτω ραββι συ ει ο υιος του θεου συ ει ο βασιλευς του ισραηλ
- 50 Jezi reponn li: Paskè mwen di ou mwen te wè ou anba fig Frans lan, poutèt sa ase ou kwè? Ou gen pou wè bagay pi gwo pase sa.
In answer Jesus said to him, You have faith because I said to you, I saw you under the fig-tree. You will see greater things than these.
απεκριθη ιησους και ειπεν αυτω οτι ειπον σοι ειδον σε υποκατω της συκης πιστευεις μειζω τουτων οφει
- 51 Apre sa, li di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: N'a wè syèl la louvri, avèk zanj Bondye yo k'ap moute desann sou Moun Bondye voye nan lachè a.
And he said to him, Truly I say to you all, You will see heaven opening and God's angels going up and coming down on the Son of man.
και λεγει αυτω αμην αμην λεγω υμιν απ αρτι οψεσθε τον ουρανον ανεωγστα και τους αγγελους του θεου αναβαινοντας και καταβαινοντας επι τον υιον του ανθρωπου
- 1 ¶ De jou apre sa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi Galile. Manman Jez te la,
On the third day two people were going to be married at Cana in Galilee. The mother of Jesus was there:
και τη ημερα τη τριτη γαμος εγενετο εν κανα της γαλιλαιας και ην η μητηρ του ιησου εκει

- 2 yo te envite Jezi ak disip li yo nan nòs la tou.
And Jesus with his disciples came as guests.
εκλήθη δε και ο ιησους και οι μαθηται αυτου εις τον γαμον
- 3 Rive youn lè pa t' gen diven ankò. Manman Jezi di l' konsa: Yo pa gen diven ankò non.
When they had not enough wine, the mother of Jesus said to him, They have no wine.
και υστερησαντος οινου λεγει η μητηρ του ιησου προς αυτον οινον ουκ εχουσαι
- 4 Men Jezi reponn li: Nan kisa mwen ye avè ou, madanm? Lè pa m' lan poko rive.
Jesus said to her, Woman, this is not your business; my time is still to come.
λεγει αυτη ο ιησους τι εμοι και σοι γυναι ουπω ηκει η ωρα μου
- 5 Lè sa a, manman Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Fè tou sa l' di nou fè.
His mother said to the servants, Whatever he says to you, do it.
λεγει η μητηρ αυτου τοις διακονοις ο τι αν λεγη υμιν ποιησατε
- 6 Te gen sis gwo ja fèt an wòch ki te sèvi pou jwif yo lave kò yo dapre koutim yo. Yo te gwo ase pou chak te kenbe vin trant galon konsa.
Now six pots of stone, every one taking two or three firkins of water, were placed there for the purpose of washing, as is the way of the Jews.
ησαν δε εκει υδριαι λιθιναι εξ κειμεναι κατα τον καθαρισμον των ιουδαιων χωρουσαι ανα μετρητας δυο η τρεις
- 7 Jezi di moun ki t'ap sèvi yo: Plen ja yo dlo. Yo plen yo ra bouch.
Jesus said to the servants, Make the pots full of water. And they made them full to the top.
λεγει αυτοις ο ιησους γεμισατε τας υδριας υδατος και εγεμισαν αυτας εως ανω
- 8 Lè yo fini, Jezi di yo: Pran ti gout nan dlo sa a, pote bay chèf kanbiz la goute. Yo pote ti gout bay chèf kanbiz la.
Then he said to them, Now take some, and give it to the master of the feast. So they took it to him.
και λεγει αυτοις αντλησατε νυν και φερετε τω αρχιτρικλινω και ηνεγκαν
- 9 Chèf kanbiz la goute dlo ki te tounen diven an. Li pa t' konnen ki bò diven sa a te soti. (Men, domestik yo ki te pran dlo a te konnen.) Li rele nonm ki t'ap marye a,
After tasting the water which had now become wine, the master of the feast (having no idea where it came from, though it was clear to the servants who took the water out) sent for the newly-married man,
ως δε εγευσατο ο αρχιτρικλινος το υδωρ οινον γεγενημενον και ουκ ηδει ποθεν εστιν οι δε διακονοι ηδεισαν οι ηντληκοτες το υδωρ φωνει τον νυμφιον ο αρχιτρικλινος
- 10 li di li konsa: Tout moun sèvi pi bon diven an anvan. Se apre tout envite yo fin sou, se lè sa a yo sèvi diven ki pa twò bon an. Men ou menm, ou te sere pi bon diven an. Se koulye a w'ap sèvi l'.
And said to him, Every man first puts out his best wine and when all have had enough he puts out what is not so good; but you have kept the good wine till now.
και λεγει αυτω πας ανθρωπος πρωτον τον καλον οινον τιθησιν και οταν μεθυσθωσιν τοτε τον ελασσω συ τετηρηκας τον καλον οινον εως αρτι
- 11 Se konsa Jezi te fè premye mirak li lavil Kana nan peyi Galile. Li te fè wè pouvwa li. Sa te fè disip li yo kwè nan li.
This, the first of his signs, Jesus did at Cana in Galilee and let his glory be seen openly; and his disciples put their faith in him.
ταυτην εποιησεν την αρχην των σημειων ο ιησους εν κανα της γαλιλαιας και εφανερωσεν την δοξαν αυτου και επιστευσαν εις αυτον οι μαθηται αυτου
- 12 ¶ Apre sa, li ale lavil Kapènawòm ansanm ak manman l', frè l' yo ak disip li yo. Yo pase de twa jou la.
After this he went down to Capernaum, with his mother, his brothers, and his disciples, and they were there not more than two or three days.
μετα τουτο κατεβη εις καπερναουμ αυτος και η μητηρ αυτου και οι αδελφοι αυτου και οι μαθηται αυτου και εκει εμειναν ου πολλας ημερας
- 13 Fèt Delivrans jwif yo te vance rive. Se konsa Jezi moute Jerizalèm.
The time of the Passover of the Jews was near and Jesus went up to Jerusalem.
και εγγυς ην το πασχα των ιουδαιων και ανεβη εις ιεροσολυμα ο ιησους
- 14 Li jwenn youn bann moun nan tanp lan ki t'ap vann bèf, mouton ak pijon. Gen lòt menm ki te chita dèyè tab yo ap chanje lajan.
And there in the Temple he saw men trading in oxen and sheep and doves, and he saw the changers of money in their seats:
και ευρεν εν τω ιερω τους πωλοντας βουας και προβατα και περιστερας και τους κερματιστας καθημενους

- 15 Li pran kèk kòd, li mare yo ansanm, li fè yon fwèt ak yo. Epi li mete tout moun yo deyò nan tanp lan ansanm ak tout mouton yo ak tout bèf yo. Li chavire tab moun ki t'ap chanje lajan yo, li jete tout kòb yo atè.
And he made a whip of small cords and put them all out of the Temple, with the sheep and the oxen, sending in all directions the small money of the changers and overturning their tables;
και ποιησας φραγγελιον εκ σχοινων παντας εξεβαλεν εκ του ιερου τα τε προβατα και τους βοας και των κολλυβιστων εξεχεεν το κερμα και τας τραπεζας ανεστρεψεν
- 16 Li di moun ki t'ap vann pijon yo: Wete sa la. Pa fè kay Papa m' lan tounen yon boutik kote yo fè komès.
And to those who were trading in doves he said, Take these things away; do not make my Father's house a market.
και τοις τας περιστερας πουλουσιν ειπεν αρατε ταυτα εντευθεν μη ποιαιτε τον οικον του πατρος μου οικον εμποριου
- 17 Disip li yo vin chonje pawòl sa yo ki te ekri nan Liv la: O Bondye, mwen sitèlman renmen kay ou a, mwen santi se tankou yon dife k'ap boule tout anndan mwen.
And it came to the minds of the disciples that the Writings say, I am on fire with passion for your house.
εμνησθησαν δε οι μαθηται αυτου οτι γεγραμμενον εστιν ο ζηλος του οικου σου κατεφαγεν με
- 18 Jwif yo mande li: Ki mirak ou ka fè pou moutre nou ou gen dwa fè sa w'ap fè la a?
Then the Jews put this question to him: What sign of authority have you to give us, seeing that you do these things?
απεκριθησαν ουν οι ιουδαιοι και ειπον αυτω τι σημειον δεικνυεις ημιν οτι ταυτα ποιεις
- 19 Jezi reponn yo: Kraze tanp sa a koulye a. Nan twa jou m'ap rebati l' ban nou.
And Jesus said to them, Send destruction on this Temple and I will put it up again in three days.
απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτοις λυσατε τον ναον τουτον και εν τρισιν ημεραις εγερω αυτον
- 20 Jwif yo di li: Yo pran karannsizan pou yo bati tanp sa a, pou ou menm, pou ou ta pran twa sèl jou pou rebati li?
The Jews said, The building of this Temple took forty-six years; and you will put it up in three days!
ειπον ουν οι ιουδαιοι τεσσαρακοντα και εξ ετεσιν ωκοδομηθη ο ναος ουτος και συ εν τρισιν ημεραις εγερεις αυτον
- 21 Men Jezi li menm, lè l' t'ap di mo tanp lan se pwòp kò li li te gen nan tèt li.
But his words were about that holy building which was his body.
εκεινος δε ελεγεν περι του ναου του σωματος αυτου
- 22 Lè Jezi leve soti vivan nan lanmò, disip li yo vin chonje li te di sa. Se konsa yo te kwè sa ki te ekri nan Liv la ansanm ak tout pawòl Jezi te di yo.
So when he had come back again from the dead, the memory of these words came back to the disciples, and they had faith in the holy Writings and in the word which Jesus had said.
οτε ουν ηγερθη εκ νεκρων εμνησθησαν οι μαθηται αυτου οτι τουτο ελεγεν αυτοις και επιστευσαν τη γραφη και τω λογω ω ειπεν ο ιησους
- 23 ¶ Pandan Jezi te Jerizalèm pou fèt Delivrans lan anpil moun te kwè nan li lè yo te wè mirak li t'ap fè.
Now while he was in Jerusalem at the feast of the Passover, a great number of people came to have faith in his name, after seeing the signs which he did.
ως δε ην εν ιεροσολυμοις εν τω πασχα εν τη εορτη πολλοι επιστευσαν εις το ονομα αυτου θεωρουντες αυτου τα σημεια α ποιει
- 24 Men, Jezi pa t' fè okenn ladan yo konfyans, paske li te konnen yo tout byen.
But Jesus did not have faith in them, because he had knowledge of them all.
αυτος δε ο ιησους ουκ επιστευεν εαυτον αυτοις δια το αυτον γινωσκειν παντας
- 25 Li pa t' bezwen moun te di l' anyen sou pesonn, paske li menm li te konnen sa ki nan kè yo.
He had no need for any witness about man; for he himself had knowledge of what was in man.
και οτι ου χρειαν ειχεν ινα τις μαρτυρηση περι του ανθρωπου αυτος γαρ εγινωσκεν τι ην εν τω ανθρωπω
- 1 ¶ Te gen yon nonm yo te rele Nikodèm ki te fè pati gwoup farizyen yo. Se te yonn nan chèf jwif yo.
Now there was among the Pharisees a man named Nicodemus, who was one of the rulers of the Jews.
ην δε ανθρωπος εκ των φαρισαιων νικοδημος ονομα αυτω αρχων των ιουδαιων
- 2 Yon jou lannwit, li vin bò kot Jezi, li di l' konsa: Mèt, nou konnen se Bondye ki voye ou moutre nou tout bagay sa yo. Paske, pesonn pa ka fè tout mirak w'ap fè yo si Bondye pa avèk li.
He came to Jesus by night and said to him, Rabbi, we are certain that you have come from God as a teacher, because no man would be able to do these signs which you do if God was not with him.
ουτος ηλθεν προς τον ιησουν νυκτος και ειπεν αυτω ραββι οιδαμεν οτι απο θεου εληλυθας διδασκαλος ουδεις γαρ ταυτα τα σημεια δυναται ποιειν α συ ποιεις εαν μη η ο θεος μετ αυτου
- 3 Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa kapab wè Pèyi kote Bondye Wa a si li pa fèt yon dezyèm fwa.
Jesus said to him, Truly, I say to you, Without a new birth no man is able to see the kingdom of God.
απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτω αμην αμην λεγω σοι εαν μη τις γεννηθη ανωθεν ου δυναται ιδειν την βασιλειαν του θεου

- 4 Nikodèm di li: Ki jan yon nonm ki fin granmoun ka fèt yon dezyèm fwa? Li pa ka tounen nan vant manman l', pou l' fèt yon lòt fwa ankò.
Nicodemus said to him, How is it possible for a man to be given birth when he is old? Is he able to go into his mother's body a second time and come to birth again?
λεγει προς αυτον ο νικοδημος πως δυναται ανθρωπος γεννηθηναι γερων ων μη δυναται εις την κοιλιαν της μητρος αυτου δευτερον εισελθειν και γεννηθηναι
- 5 Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa ka antre nan Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt nan dlo ak nan Sentespri.
Jesus said in answer, Truly, I say to you, If a man's birth is not from water and from the Spirit, it is not possible for him to go into the kingdom of God.
απεκριθη ο ιησους αμην αμην λεγω σοι εαν μη τις γεννηθη εξ υδατος και πνευματος ου δυναται εισελθειν εις την βασιλειαν του θεου
- 6 Lachè soti nan lachè, lespri soti nan Lespri Bondye.
That which has birth from the flesh is flesh, and that which has birth from the Spirit is spirit.
το γεγεννημενον εκ της σαρκος σαρξ εστιν και το γεγεννημενον εκ του πνευματος πνευμα εστιν
- 7 Pa sezi si mwen di ou: se pou nou fèt yon dezyèm fwa.
Do not be surprised that I say to you, It is necessary for you to have a second birth.
μη θαυμασης οτι ειπον σοι δει υμας γεννηθηναι ανωθεν
- 8 Van an soufle kote l' vle. Ou tande bri l'ap fè. Men, ou pa konnen ki bò l' soti, ni ki bò l' prale. Se menm jan an pou tout moun ki fèt nan Lespri Bondye.
The wind goes where its pleasure takes it, and the sound of it comes to your ears, but you are unable to say where it comes from and where it goes: so it is with everyone whose birth is from the Spirit.
το πνευμα οπου θελει πνει και την φωνην αυτου ακουεις αλλ ουκ οιδας ποθεν ερχεται και που υπαγει ουτως εστιν πας ο γεγεννημενος εκ του πνευματος
- 9 Lè sa a Nikodèm di li: Ki jan sa ka fèt menm?
And Nicodemus said to him, How is it possible for these things to be?
απεκριθη νικοδημος και ειπεν αυτω πως δυναται ταυτα γενεσθαι
- 10 Jezi reponn li: Ou se yon gwo mèt k'ap moutre pèp Izrayèl la anpil bagay, epi ou pa konn bagay sa yo?
And Jesus, answering, said, Are you the teacher of Israel and have no knowledge of these things?
απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτω συ ει ο διδασκαλος του ισραηλ και ταυτα ου γινωσκεις
- 11 Sa m'ap di ou la a, se vre wi: mwen menm, mwen pale sa m' konnen, mwen di sa m' te wè. Men nou menm, nou pa vle asepte sa m'ap di a.
Truly, I say to you, We say that of which we have knowledge; we give witness of what we have seen; and you do not take our witness to be true.
αμην αμην λεγω σοι οτι ο οιδαμεν λαλουμεν και ο εωρακαμεν μαρτυρουμεν και την μαρτυριαν ημων ου λαμβανετε
- 12 Nou pa kwè m' lè m'ap pale nou bagay k'ap pase isit sou latè. Ki jan n'a fè kwè m' lè m'a pale nou bagay k'ap pase nan syèl la?
If you have no belief when my words are about the things of earth, how will you have belief if my words are about the things of heaven?
ει τα επιγεια ειπον υμιν και ου πιστευετε πως εαν ειπω υμιν τα επουρανια πιστευσετε
- 13 Pesonn pa janm moute nan syèl la, esepite Moun Bondye voye nan lachè a ki desann soti nan syèl la.
And no one has ever gone up to heaven but he who came down from heaven, the Son of man.
και ουδεις αναβεβηκεν εις τον ουρανον ει μη ο εκ του ουρανου καταβας ο υιος του ανθρωπου ο ων εν τω ουρανω
- 14 Menm jan Moyiz te leve sèpan ki te fèt an bwonz lan byen wo sou yon potò nan mitan dezè a, konsa tou yo gen pou yo leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo tou.
As the snake was lifted up by Moses in the waste land, even so it is necessary for the Son of man to be lifted up:
και καθως μωσης υψωσεν τον οφιν εν τη ερημω ουτως υψωθηναι δει τον υιον του ανθρωπου
- 15 Tout moun ki mete konfyans yo nan li va gen lavi ki p'ap janm fini an.
So that whoever has faith may have in him eternal life.
ινα πας ο πιστευων εις αυτον μη αποληται αλλ εχη ζωην αιωνιον
- 16 Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.
For God had such love for the world that he gave his only Son, so that whoever has faith in him may not come to destruction but have eternal life.
ουτως γαρ ηγαπησεν ο θεος τον κοσμον ωστε τον υιον αυτου τον μονογενη εδωκεν ινα πας ο πιστευων εις αυτον μη αποληται αλλ εχη ζωην αιωνιον
- 17 Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo.
God did not send his Son into the world to be judge of the world; he sent him so that the world might have salvation through him.
ου γαρ απεστειλεν ο θεος τον υιον αυτου εις τον κοσμον ινα κρινη τον κοσμον αλλ ινα σωθη ο κοσμος δι αυτου

- 18 Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a.
The man who has faith in him does not come up to be judged; but he who has no faith in him has been judged even now, because he has no faith in the name of the only Son of God.
ο πιστευων εις αυτον ου κρινεται ο δε μη πιστευων ηδη κερκνται οτι μη πεπιστευκεν εις το ονομα του μονογενουσ υιου του θεου
- 19 Men ki bò kondannasyon an soti pou yo: limyè a te vini nan lemonn, men lèzòm te pito fènwa a pase limyè a, paske sa y'ap fè a mal.
And this is the test by which men are judged: the light has come into the world and men have more love for the dark than for the light, because their acts are evil.
αυτη δε εστιν η κρισις οτι το φως εληλυθεν εις τον κοσμον και ηγαπησαν οι ανθρωποι μαλλον το σκοτοσ η το φως ην γαρ πονηρα αυτων τα εργα
- 20 Lè yon moun ap fè sa ki mal, li pa vle wè limyè a, li p'ap vini kote limyè a ye, paske li pè pou move zak li yo pa parèt aklè.
The light is hated by everyone whose acts are evil and he does not come to the light for fear that his acts will be seen.
πας γαρ ο φαυλα πρασων μισει το φως και ουκ ερχεται προς το φως ινα μη ελεγχθη τα εργα αυτου
- 21 Men, moun ki fè sa ki bon vre, se nan limyè a menm l'ap vini, pou moun ka wè aklè se obeyi l'ap obeyi Bondye nan sa l'ap fè a.
But he whose life is true comes to the light, so that it may be clearly seen that his acts have been done by the help of God.
ο δε ποιων την αληθειαν ερχεται προς το φως ινα φανερωθη αυτου τα εργα οτι εν θεω εστιν ειργασμενα
- 22 ¶ Apre sa, Jezi ale ansanm ak disip li yo nan peyi Jide. Li rete kèk tan la ak yo, li t'ap batize moun.
After these things Jesus and his disciples went into the land of Judaea, and there he was with them for some time, giving baptism.
μετα ταυτα ηλθεν ο ιησους και οι μαθηται αυτου εις την ιουδαιαν γην και εκει διετριβεν μετ αυτων και εβαπτιζεν
- 23 Jan Batis menm t'ap batize moun tou nan Enon, toupres Salim, paske te gen anpil dlo la. Anpil moun te vin jwenn li la pou l' li te batize yo.
Now John was then giving baptism at Aenon near Salim, because there was much water there; and people came and were given baptism.
ην δε και ιωαννης βαπτιζων εν αιων εγγυσ του σαλειμ οτι υδατα πολλα ην εκει και παρεγινοντο και εβαπτιζοντο
- 24 (Lè sa a, yo pa t' ankò mete Jan Batis nan prizon.)
For at this time John had not been put into prison.
ουπω γαρ ην βεβλημενος εις την φυλακην ο ιωαννης
- 25 De twa nan patizan Jan yo tonbe diskite ak yon jwif sou regleman relijyon an ki mande pou moun lave kò yo.
Then a question came up between John's disciples and a Jew about washing.
εγενετο ουν ζητησις εκ των μαθητων ιωαννου μετα ιουδαιων περι καθαρισμου
- 26 Y' ale bò kot Jan, yo di l' konsa: Mèt, ou chonje nonm ki te avè ou lòt bò larivyè Jouden an, moun ou t'ap pale nou an? Enben, l'ap batize koulye a. Tout moun al jwenn li.
And they went to John and said to him, Rabbi, the man who was with you on the other side of the Jordan, the man to whom you gave witness, is now giving baptism, and everyone is going to him.
και ηλθον προς τον ιωαννην και ειπον αυτω ραββι ος ην μετα σου περαν του ιορδανου ω συ μεμαρτυρηκας ιδε ουτος βαπτιζει και παντες ερχονται προς αυτον
- 27 Jan reponn yo: Pesonn pa ka gen anyen si se pa Bondye nan syèl la ki ba li li.
And this was John's answer: A man is unable to have anything if it is not given to him from heaven.
απεκριθη ιωαννης και ειπεν ου δυναται ανθρωπος λαμβανειν ουδεν εαν μη η δεδομενον αυτω εκ του ουρανου
- 28 Nou menm, nou ka di mwen te di nou sa: Se pa mwen ki Kris la, se voye Bondye voye m' pran devan li.
You yourselves give witness that I said, I am not the Christ. What I said was, I am sent before the Christ.
αυτοι υμεις μοι μαρτυρειτε οτι ειπον ουκ ειμι εγω ο χριστοσ αλλ οτι απεσταλμενος ειμι εμπροσθεν εκεινου
- 29 Nan yon maryaj, lamarye se pou nonm k'ap marye a. Zanmi nonm k'ap marye a kanpe toupres l', l'ap koute. Li pa manke kontan lè li tande vwa nonm k'ap marye a. Se konsa, mwen menm, mwen kontan nèt koulye a.
He who has the bride is the husband: but the husband's friend, whose place is by his side and whose ears are open to him, is full of joy because of the husband's voice: such is my joy, and it is complete.
ο εχων την νυμφην νυμφιοσ εστιν ο δε φιλοσ του νυμφιου ο εστηκωσ και ακουων αυτου χαρα χαιρει δια την φωνην του νυμφιου αυτη ουν η χαρα η εμη πεπληρωται
- 30 Li fèt pou li vin pi gran, pou mwen menm, mwen vin pi piti toujou.
He has to become greater while I become less.
εκεινον δει αυξανειν εμε δε ελαττουσθαι

- 31 Moun ki soti anwo a pi gran pase nou tout. Moun ki soti sou latè, se pou latè li ye, l'ap pale nou bagay ki sou latè. Moun ki soti anwo nan syèl la, li pi wo pase nou tout.
He who comes from heaven is greater than all others: he who comes from earth is of the earth, and of the earth are his words: he who comes from heaven is over all.
ο ανωθεν ερχομενος επανω παντων εστιν ο ων εκ της γης εκ της γης εστιν και εκ της γης λαλει ο εκ του ουρανου ερχομενος επανω παντων εστιν
- 32 L'ap di sa l' wè, sa l' tande. Men, pesonn pa asepte mesaj li.
He gives witness of what he has seen and of what has come to his ears; and no man takes his witness as true.
και ο εωρακεν και ηκουσεν τουτο μαρτυρει και την μαρτυριαν αυτου ουδεις λαμβανει
- 33 Moun ki asepte sa l'ap di a, li rekonèt sa Bondye di a se vre.
He who so takes his witness has made clear his faith that God is true.
ο λαβων αυτου την μαρτυριαν εσφραγισεν οτι ο θεος αληθης εστιν
- 34 Moun Bondye voye a, se pawòl Bondye l'ap pale, paske Bondye ba li Sentespri san mezi.
For he whom God has sent says God's words; and God does not give him the Spirit by measure.
ον γαρ απεστειλεν ο θεος τα ρηματα του θεου λαλει ου γαρ εκ μετρου διδωσιν ο θεος το πνευμα
- 35 Papa a renmen Pitit la, li ba li pouwva sou tout bagay.
The Father has love for the Son and has put all things into his hands.
ο πατηρ αγαπα τον υιον και παντα δεδωκεν εν τη χειρι αυτου
- 36 Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo.
He who has faith in the Son has eternal life; but he who has not faith in the Son will not see life; God's wrath is resting on him.
ο πιστευων εις τον υιον εχει ζωην αιωνιον ο δε απειθων τω υιο ουκ οφεται ζωην αλλ η οργη του θεου μενει επ αυτον
- 1 ¶ Farizyen yo tande Jezi t'ap fè plis patizan pase Jan, li t'ap batize plis moun pase l' tou.
Now when it was clear to the Lord that word had come to the ears of the Pharisees that Jesus was making more disciples than John and was giving them baptism
ως ουν εγνω ο κυριος οτι ηκουσαν οι φαρισαιοι οτι ιησους πλειονας μαθητας ποιει και βαπτιζει η ιωαννης
- 2 (Men, pou di vre, Jezi pa t' janm batize pesonn. Se disip li yo ki t'ap batize.)
(Though, in fact, it was his disciples who gave baptism, not Jesus himself),
καιτοιγε ιησους αυτος ουκ εβαπτιζεν αλλ οι μαθηται αυτου
- 3 Lè Jezi vin konn sa, li kite peyi Jide, li tounen nan peyi Galile.
He went out of Judaea into Galilee again.
αφηκεν την ιουδαιαν και απηλθεν παλιν εις την γαλιλαιαν
- 4 ¶ Sou wout la, fòk li te pase nan mitan peyi Samari.
And it was necessary for him to go through Samaria.
εδει δε αυτον διερχεσθαι δια της σαμαρειας
- 5 Li rive nan yon bouk Samari yo rele Sika, toupre moso tè Jakòb te bay Jozèf, pitit gason l' lan.
So he came to a town of Samaria which was named Sychar, near to the bit of land which Jacob gave to his son Joseph:
ερχεται ουν εις πολιν της σαμαρειας λεγομενην συχαρ πλησιον του χωριου ο εδωκεν ιακωβ ιωσηφ τω υιο αυτου
- 6 Se la pi Jakòb la te ye. Jezi menm te bouke, vwayaj la te fatigue l' anpil. Li chita sou rebò pi a. Li te bò midi konsa.
Now Jacob's fountain was there. Jesus, being tired after his journey, was resting by the fountain. It was about the sixth hour.
ην δε εκει πηγη του ιακωβ ο ουν ιησους κεκοπιακως εκ της οδοιποριας εκαθεζετο ουτως επι τη πηγη ωρα ην ωσει εκτη
- 7 Yon fanm peyi Samari vin pou tire dlo. Jezi di l' konsa: Tanpri, ban m' ti gout dlo pou m' bwè.
A woman of Samaria came to get water, and Jesus said to her, Give me some water.
ερχεται γυνη εκ της σαμαρειας αντλησαι υδωρ λεγει αυτη ο ιησους δος μοι πειν
- 8 (Disip li yo te ale lavil la achte manje.)
For his disciples had gone to the town to get food.
οι γαρ μαθηται αυτου απεληλυθεισαν εις την πολιν ινα τροφας αγορασωσιν

- 9 Fanm Samari a di Jezi konsa: Kouman? Se pa jwif ou ye? Ki jan ou fè mande m' dlo pou ou bwè, mwen menm ki moun Samari? (Paské, jwif yo pa t' gen rapò ak moun Samari.)
The woman of Samaria said to him, Why do you, a Jew, make a request for water to me, a woman of Samaria? She said this because Jews have nothing to do with the people of Samaria.
λεγει ουν αυτο η γυνη η σαμαρειτις πως συ ιουδαιος ων παρ εμου πειν αιτεις ουσης γυναικος σαμαρειτιδος ου γαρ συγχρωνται ιουδαιοι σαμαρειταις
- 10 Jezi reponn li: Si ou te konnen sa Bondye bay la, si ou te konnen ki moun k'ap mande ou ti gout dlo pou bwè a, se ou menm ki ta mande l' ba ou ti gout dlo bwè. Lè sa a, li ta ka ba ou nan dlo ki bay lavi a.
In answer Jesus said, If you had knowledge of what God gives freely and who it is who says to you, Give me water, you would make your prayer to him, and he would give you living water.
απεκριθη ιησους και ειπεν αυτη ει ηδεις την δωρεαν του θεου και τις εστιν ο λεγων σοιδος μοι πειν συ αν ητησας αυτον και εδωκεν αν σοι υδωρ ζων
- 11 Fanm lan di li: Msye, ou pa gen veso pou tire dlo. Epitou, pi a fon anpil. Ki bò pou ou ta jwenn dlo ki bay lavi sa a?
The woman said to him, Sir, you have no vessel and the fountain is deep; from where will you get the living water?
λεγει αυτο η γυνη κυριε ουτε αντλημα εχεις και το φρεαρ εστιν βαθυ ποθεν ουν εχεις το υδωρ το ζων
- 12 Se Jakòb, zansèt nou, ki te ban nou pi sa a. Li te bwè ladan li. Tout pitit li yo ansanm ak tout bèt li yo, se la yo te bwè tou. Koulye a, ou prèt pou di m' ou pi gran pase Jakòb?
Are you greater than our father Jacob who gave us the fountain and took the water of it himself, with his children and his cattle?
μη συ μειζων ει του πατρος ημων ιακωβ ος εδωκεν ημιν το φρεαρ και αυτος εξ αυτου επιν και οι υιοι αυτου και τα θρεμματα αυτου
- 13 Jezi reponn li: Tout moun ki bwè dlo sa a gen pou l' swaf dlo ankò.
Jesus said to her, Everyone who takes this water will be in need of it again:
απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτη πας ο πινων εκ του υδατος τουτου διψησει παλιν
- 14 Men, moun ki va bwè nan dlo m'ap ba li a, li p'ap janm swaf dlo ankò. Paské, dlo m'ap ba li a ap tounen yon sous dlo nan li k'ap ba li lavi ki p'ap janm fini an.
But whoever takes the water I give him will never be in need of drink again; for the water I give him will become in him a fountain of eternal life.
ος δ αν πιη εκ του υδατος ου εγω δωσω αυτο ου μη διψηση εις τον αιωνα αλλα το υδωρ ο δωσω αυτο γενησεται εν αυτω πηγη υδατος αλλομενου εις ζωην αιωνιον
- 15 Fanm lan di l': Tanpri, msye, ban m' ti gout nan dlo sa a non pou m' bwè, konsa mwen p'ap janm anvè bwè dlo ankò, mwen p'ap bezwen tounen isit la vin tire dlo.
The woman said to him, Sir, give me this water, so that I may not be in need again of drink and will not have to come all this way for it.
λεγει προς αυτον η γυνη κυριεδος μοι τουτο το υδωρ ινα μη διψω μηδε ερχωμαι ενθαδε αντλειν
- 16 Jezi di l' konsa: Ale rele mari ou. Apre sa, tounen vin jwenn mwen isit la.
Jesus said to her, Go, get your husband and come back here with him.
λεγει αυτη ο ιησους υπαγε φωνησον τον ανδρα σου και ελθε ενθαδε
- 17 Fanmi lan reponn: Mwen pa gen mari. Jezi di l' konsa: Ou gen rezon di ou pa gen mari.
In answer, the woman said, I have no husband. Jesus said to her, You have said rightly, I have no husband:
απεκριθη η γυνη και ειπεν ουκ εχω ανδρα λεγει αυτη ο ιησους καλωσ ειπας οτι ανδρα ουκ εχω
- 18 Paské, ou pase senk mari deja. Epi nonm k'ap viv avè ou koulye a, se pa mari ou li ye. Ou pa ban m' manti.
You have had five husbands, and the man you have now is not your husband: that was truly said.
πεντε γαρ ανδρας εσχες και νυν ον εχεις ουκ εστιν σου ανηρ τουτο αληθες ειρηκας
- 19 Lè sa a, fanm lan di l': Gen lè ou se yon pwofèt, msye?
The woman said to him, Sir, I see that you are a prophet.
λεγει αυτω η γυνη κυριε θεωρω οτι προφητης ει συ
- 20 Zansèt nou yo nan peyi Samari te sèvi Bondye sou mòn sa a. Men nou menm jwif, nou di: Sèl kote pou moun sèvi Bondye, se lavil Jerizalèm.
Our fathers gave worship on this mountain, but you Jews say that the right place for worship is in Jerusalem.
οι πατερες ημων εν τουτω τω ορει προσεκυνησαν και υμεις λεγετε οτι εν ιεροσολυμοις εστιν ο τοπος οπου δει προσκυνειν
- 21 Jezi reponn li: Madanm, ou mèt kwè mwen. Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni lavil Jerizalèm pou n' sèvi Papa a.
Jesus said to her, Woman, take my word for this; the time is coming when you will not give worship to the Father on this mountain or in Jerusalem.
λεγει αυτη ο ιησους γυναι πιστευσον μοι οτι ερχεται ωρα οτε ουτε εν τω ορει τουτω ουτε εν ιεροσολυμοις προσκυνησετε τω πατρι
- 22 Nou menm, moun Samari, nou pa konnen sa n'ap sèvi a. Nou menm jwif, nou konnen sa n'ap sèvi a, paske moun k'ap vin pou sove a, se nan mitan jwif yo l'ap soti.
You give worship, but without knowledge of what you are worshipping: we give worship to what we have knowledge of: for salvation comes from the Jews.
υμεις προσκυνετε ο ουκ οιδατε ημεις προσκυνουμεν ο οιδαμεν οτι η σωτηρια εκ των ιουδαιων εστιν

- 23 Men, lè a ap rive, li rive deja: tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fèt. Se moun konsa Bondye vle pou sèvi li.
But the time is coming, and is even now here, when the true worshippers will give worship to the Father in the true way of the spirit, for these are the worshippers desired by the Father.
ἀλλ' ἐρχεται ὥρα καὶ νῦν ἐστὶν ὅτε οἱ ἀληθινοὶ προσκυνῆται προσκυνήσουσιν τῷ πατρὶ ἐν πνεύματι καὶ ἀληθείᾳ καὶ γὰρ ὁ πατὴρ τοιοῦτους ζητεῖ τοὺς προσκυνούντας αὐτὸν
- 24 Bondye, se Lespri li ye. Tout moun k'ap sèvi l', se pou yo sèvi l' nan lespri yo jan sa dwe fèt la.
God is Spirit: then let his worshippers give him worship in the true way of the spirit.
πνεῦμα ὁ θεὸς καὶ τοὺς προσκυνούντας αὐτὸν ἐν πνεύματι καὶ ἀληθείᾳ δεῖ προσκυνεῖν
- 25 Fanm lan di li: Mwen konnen Mesi a, moun yo rele Kris la, gen pou l' vini tou. Lè la vini, la esplike nou tout bagay sa yo.
The woman said to him, I am certain that the Messiah, who is named Christ, is coming; when he comes he will make all things clear to us.
λέγει αὐτῷ ἡ γυνὴ οἶδα ὅτι μεσσίας ἐρχεται ὁ λεγόμενος χριστὸς ὅταν ἔλθῃ ἐκεῖνος ἀναγγελεῖ ἡμῖν πάντα
- 26 Jezi reponn li: Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen se Kris la.
Jesus said to her, I, who am talking to you, am he.
λέγει αὐτῇ ὁ ἰησοῦς ἐγὼ εἰμι ὁ λαλῶν σοὶ
- 27 ¶ Lè sa a, disip Jezi yo vin rive. Yo te sezi wè l' ap pale ak yon fanm. Men, yo yonn pa mande l': Kisa ou gen avèk li? Osinon: Poukisa w'ap pale avè li?
At that point the disciples came back, and they were surprised to see him talking to a woman; but not one of them said to him, What is your purpose? or, Why are you talking to her?
καὶ ἐπὶ τούτῳ ἦλθον οἱ μαθηταὶ αὐτοῦ καὶ ἐθαύμασαν ὅτι μετὰ γυναῖκος ἐλάλει οὐδεὶς μὲντοι εἶπεν τί ζητεῖς ἢ τί λαλεῖς μετ' αὐτῆς
- 28 Fanm lan menm kite krich dlo a la, li tounen li al lavil la. Li di moun yo:
Then the woman put down her water-pot and went into the town, and said to the people,
ἀφηκεν οὖν τὴν ὑδρίαν αὐτῆς ἡ γυνὴ καὶ ἀπηλθεν εἰς τὴν πόλιν καὶ λέγει τοῖς ἀνθρώποις
- 29 Vini wè yon nonm ki di m' tou sa m' fè. Eske nou pa kwè se Kris la?
Come and see a man who has been talking to me of everything I ever did! Is it possible that this is the Christ?
δεῦτε ἴδετε ἀνθρώπον ὃς εἶπεν μοι πάντα ὅσα ἐποίησα μὴτι οὗτος ἐστὶν ὁ χριστὸς
- 30 Moun yo soti lavil la, yo vin jwenn Jezi.
So they went out of the town and came to him.
ἐξῆλθον οὖν ἐκ τῆς πόλεως καὶ ἤρχοντο πρὸς αὐτὸν
- 31 Disip yo menm, bò pa yo, t'ap mande Jezi pou l' manje. Yo t'ap di l': Tanpri, Mèt, manje kichòy non!
While this was taking place, the disciples were saying to Jesus, Master, take some food.
ἐν δὲ τῷ μεταξύ ἠρώτων αὐτὸν οἱ μαθηταὶ λέγοντες ραββὶ φαγε
- 32 Men, li reponn yo: Mwen gen pou m' manje yon manje nou pa konnen.
But he said to them, I have food of which you have no knowledge.
ὁ δὲ εἶπεν αὐτοῖς ἐγὼ βρωσὶν ἔχω φαγεῖν ἣν ὑμεῖς οὐκ οἶδατε
- 33 Lè sa a, disip yo yonn pran mande lòt: Gen lè yon moun pote manje ba li.
So the disciples said one to another, Did anyone give him food?
ἐλεγον οὖν οἱ μαθηταὶ πρὸς ἀλλήλους μὴ τις ἠνεγκεν αὐτῷ φαγεῖν
- 34 Jezi di yo: Manje pa m', se fè volonte moun ki voye m' lan; se pou m' fin fè travay li ban m' fè a.
Jesus said, My food is to do the pleasure of him who sent me and to make his work complete.
λέγει αὐτοῖς ὁ ἰησοῦς ἐμὸν βρῶμα ἐστὶν ἵνα ποιῶ τὸ θέλημα τοῦ πέμψαντός με καὶ τελειώσω αὐτοῦ τὸ ἔργον
- 35 Nou menm, nou di: Nan kat mwa ankò nou pral fè rekòt. Mwen menm, mwen di nou: Gade jaden yo byen. Grenn yo fin mi, yo tou bon pou ranmase.
You would say, Four months from now is the time of the grain-cutting. Take a look, I say to you, at the fields; they are even now white for cutting.
οὐχ ὑμεῖς λέγετε ὅτι ἐτι τετραμήνην ἐστὶν καὶ ὁ θερισμὸς ἐρχεται ἰδοὺ λέγω ὑμῖν ἐπαράτε τοὺς ὀφθαλμοὺς ὑμῶν καὶ θεασασθε τὰς χώρας ὅτι λευκαὶ εἰσιν πρὸς θερισμὸν ἤδη
- 36 Yo gen tan peye moun k'ap ranmase rekòt la, l'ap anpile grenn yo pou lavi ki p'ap janm fini an. Se konsa, moun k'ap simen an kontan; moun k'ap ranmase a kontan tou ansanm avèk li.
He who does the cutting now has his reward; he is getting together fruit for eternal life, so that he who did the planting and he who gets in the grain may have joy together.
καὶ ὁ θερίζων μισθὸν λαμβάνει καὶ συναγεῖ καρπὸν εἰς ζωὴν αἰώνιον ἵνα καὶ ὁ σπείρων ὁμοῦ χαίρῃ καὶ ὁ θερίζων

- 37 Sa pawòl la di a, se vre wi: Moun ki simen an, se pa li ki ranmase.
In this the saying is a true one, One does the planting, and another gets in the grain.
 εν γαρ τουτω ο λογος εστιν ο αληθινος οτι αλλος εστιν ο σπειρων και αλλος ο θεριζων
- 38 Mwen voye nou ranmase nan yon jaden nou pa t' travay. Se lòt moun ki te travay li. Men, se nou menm k'ap pwofite travay yo.
I sent you to get in grain which you had no hand in planting: other men did that work, and you take the reward.
 εγω απεστειλα υμας θεριζειν ο ουχ υμεις κεκοπιακατε αλλοι κεκοπιακασιν και υμεις εις τον κοπον αυτων εισελθηθατε
- 39 Anpil moun Samari ki te rete nan Sika te kwè nan Jezi poutèt sa madanm lan te di yo: Li di m' tou sa m' fè.
Now a number of the people of that town had faith in him because of the woman's witness: He has been talking to me of everything I ever did.
 εκ δε της πολεως εκεινης πολλοι επιστευσαν εις αυτον των σαμαρειτων δια τον λογον της γυναικος μαρτυρουσης οτι ειπεν μοι παντα οσα εποιησα
- 40 Se konsa, lè yo rive bò kote li, yo mande l' pou l' rete avèk yo. Jezi pase de jou nan lavil la.
So when the people came to him they made request to him to be among them for a time, and he was there two days.
 ως ουν ηλθον προς αυτον οι σαμαρειται ηρωτων αυτον μειναι παρ αυτοις και εμεινεν εκει δυο ημερας
- 41 Te gen anpil lòt moun ankò ki te kwè nan li, poutèt sa Jezi menm t'ap di yo.
And a great number more of them came to have faith in him because of what he himself said.
 και πολλω πλειους επιστευσαν δια τον λογον αυτου
- 42 Yo di fanm lan konsa: Koulye a nou kwè, se pa sèlman poutèt sa ou rakonte nou an, men tou paske nou tande l' nou menm ak de zòrèy nou. Nou konnen se li menm vre ki vin delivre moun sou latè.
And they said to the woman, Now we have faith, but not because of your story: we ourselves have given ear to his words, and we are certain that he is truly the Saviour of the world.
 τη τε γυναικι ελεγον οτι ουκετι δια την σην λαλιαν πιστευομεν αυτοι γαρ ακηκοαμεν και οίδαμεν οτι ουτος εστιν αληθως ο σωτηρ του κοσμου ο χριστος
- 43 ¶ Lè Jezi fin pase de jou sa yo la, li pati, li ale nan peyi Galile.
And after the two days he went on from there into Galilee.
 μετα δε τας δυο ημερας εξηλθεν εκειθεν και απηλθεν εις την γαλιλαιαν
- 44 Paske, se Jezi menm ki te di: Yo pa janm respekte yon pwofèt nan peyi kote l' soti.
For Jesus himself said that a prophet has no honour in the country of his birth.
 αυτος γαρ ο ιησους εμαρτυρησεν οτι προφητης εν τη ιδια πατριδι τιμην ουκ εχει
- 45 Lè li rive nan Galile, moun Galile yo te byen resevwa l', paske yo menm tou yo te al lavil Jerizalèm pou fèt Delivrans lan, yo te wè tou sa li te fè lè sa a.
So when he came into Galilee, the Galileans took him to their hearts because of the things which they had seen him do in Jerusalem at the feast--they themselves having been there at the feast.
 οτε ουν ηλθεν εις την γαλιλαιαν εδεξαντο αυτον οι γαλιλαιοι παντα εωρακοτες α εποιησεν εν ιεροσολυμοις εν τη εορτη και αυτοι γαρ ηλθον εις την εορτην
- 46 Apre sa, Jezi tounen vin Kana nan Galile, kote li te fè dlo tounen diven an. Nan lavil la te gen yon gwo fonksyonè leta ki te gen yon pitit gason l' ki te malad nan yon lòt lavil yo rele Kapènawòm.
So he came to Cana in Galilee, where he had made the water wine. And there was a certain man of high position whose son was ill at Capernaum.
 ηλθεν ουν ο ιησους παλιν εις την κανα της γαλιλαιας οπου εποιησεν το υδωρ οινον και ην τις βασιλικος ου ο υιος ησθενει εν καπερναουμ
- 47 Lè li vin konnen Jezi te soti peyi Jide vin nan peyi Galile, li al jwenn li, li mande l' pou li al Kapènawòm geri pitit li a ki te prèt pou mouri.
When it came to his ears that Jesus had come from Judaea into Galilee, he went to him and made a request that he would come down to his son, who was near to death, and make him well.
 ουτος ακουσας οτι ιησους ηκει εκ της ιουδαιας εις την γαλιλαιαν απηλθεν προς αυτον και ηρωτα αυτον ινα καταβη και ιασηται αυτου τον υιον ημελλεν γαρ αποθνησκειν
- 48 Jezi di l' konsa: Si nou pa wè mirak ak bèl bagay, nou p'ap janm kwè.
Then Jesus said to him, You will not have faith if you do not see signs and wonders.
 ειπεν ουν ο ιησους προς αυτον εαν μη σημεια και τερατα ιδητε ου μη πιστευσητε
- 49 Fonksyonè a reponn li: Mèt, vin avè m' non, anvan pitit mwen an gen tan mouri.
The man said, Sir, come down before my boy is dead.
 λεγει προς αυτον ο βασιλικος κυριε καταβηθι πριν αποθανειν το παιδιον μου
- 50 Jezi di li: Ou mèt al lakay ou. Pitit ou a p'ap mouri. Nonm lan kwè sa Jezi te di l' la, li ale.
And Jesus said, Go in peace; your son is living. The man had faith in the word which Jesus said to him and went away.
 λεγει αυτω ο ιησους πορευου ο υιος σου ζη και επιστευσεν ο ανθρωπος τω λογω ω ειπεν αυτω ιησους και επορευετο

- 51 Li te sou wout lakay li toujou lè domestik li yo vin jwenn li avèk nouvèl sa a: Pitit ou a pa mouri.
 And while he was going down, his servants came to him and said, Your boy is living.
 ἤδη δε αὐτοῦ καταβαινοντος οἱ δούλοι αὐτοῦ ἀπηνητησαν αὐτῷ καὶ ἀπηγγείλαν λέγοντες ὅτι ὁ παῖς σου ζῆ
- 52 Li mande yo: Kilè ti gason an refè? Yo reponn li: Yè apremidi, bò enè konsa, lafyèb la tonbe.
 So he put a question to them as to the hour when he became better; and they said to him, The disease went from him yesterday at the seventh hour.
 ἐπυθετο οὖν παρ αὐτῶν τὴν ὥραν ἐν ἡ κομψοτερον εσχεν καὶ εἶπον αὐτῷ ὅτι χθες ὥραν ἐβδομῆν ἀφηκεν αὐτον ὁ πυρετος
- 53 Papa a vin rekonèt se te lè sa a menm Jezi te di l': Pitit gason ou lan p'ap mouri. Se konsa li menm ansanm ak tout moun lakay li yo kwè nan Jezi.
 It was clear then to the father that this was the very time at which Jesus said to him, Your son is living. And he had faith in Jesus, he and all his family.
 ἐγνώ οὖν ὁ πατήρ ὅτι ἐν ἐκείνῃ τῇ ὥρᾳ ἐν ἡ εἶπεν αὐτῷ ὁ ἰησοῦς ὅτι ὁ υἱὸς σου ζῆ καὶ ἐπιστεύσεν αὐτος καὶ ἡ οἰκία αὐτοῦ ὅλη
- 54 Sa te fè dezyèm mirak Jezi te fè lè l' tounen soti Jide vini nan peyi Galile.
 Now this is the second sign which Jesus did after he had come out of Judaea into Galilee.
 τοῦτο παλιν δευτερον σημειον ἐποιησεν ὁ ἰησοῦς ἐλθων ἐκ τῆς ἰουδαιας εἰς τὴν γαλιλαιαν
- 1 ¶ Apre sa, jwif yo te gen yon fèt nan tanp lan. Jezi moute Jerizalèm.
 After these things there was a feast of the Jews, and Jesus went up to Jerusalem.
 μετὰ ταῦτα ἦν εὐρητὴ τῶν ἰουδαίων καὶ ἀνέβη ὁ ἰησοῦς εἰς ἱεροσόλυμα
- 2 Nan lavil la, bò Pötay Mouton yo, te gen yon gwo basen dlo yo te rele nan lang ebre: Betzata. Te gen senk pòt ki te bay sou li.
 Now in Jerusalem near the sheep-market there is a public bath which in Hebrew is named Beth-zatha. It has five doorways.
 ἐστὶν δε ἐν τοῖς ἱεροσόλυμοις ἐπὶ τῇ προβατικῇ κολυμβηθρα ἡ ἐπιλεγομένη ἐβραϊστὶ βηθεσδα πεντε στοας ἐχουσα
- 3 Devan pòt yo, te gen anpil moun ki te gen tout kalite maladi kouche la: gen sa ki te avèg, gen sa ki t'ap bwete, gen sa ki te paralize. Yo tout yo t'ap tann lè dlo a pran bouyi.
 In these doorways there were a great number of people with different diseases: some unable to see, some without the power of walking, some with wasted bodies.
 ἐν ταῦταις κατεκειτο πλῆθος πολὺ τῶν ἀσθενούντων τυφλῶν χωλῶν ξηρῶν ἐκδεχομένων τὴν τοῦ ὕδατος κινήσιν
- 4 Paske, tanzantan, yon zanj Bondye te desann nan basen an vin brase dlo a. Premye moun malad ki te desann nan dlo a apre zanj lan te fin brase l' la te geri, nenpòt ki maladi li te genyen.
 ¶
 ἀγγελος γὰρ κατὰ καιρὸν κατεβαίνειν ἐν τῇ κολυμβηθρα καὶ ἐταρασσεν τὸ ὕδωρ ὁ οὖν πρῶτος ἐμβας μετὰ τὴν ταραχὴν τοῦ ὕδατος ὑγιῆς ἐγένετο ὁ δὴ ποτε κατεχετο νοσηματι
- 5 Te gen yon nonm la ki te malad depi trantwitan.
 One man was there who had been ill for thirty-eight years.
 ἦν δε τις ἀνθρώπος ἐκεῖ τριακονταοκτῶ ἐτῆ ἐχὼν ἐν τῇ ἀσθενείᾳ
- 6 Jezi wè l' kouche. Li vin konnen li te malad depi tout tan sa a. Li mande li: Eske ou vle geri?
 When Jesus saw him there on the floor it was clear to him that he had been now a long time in that condition, and so he said to the man, Is it your desire to get well?
 τούτον ἰδὼν ὁ ἰησοῦς κατακειμενον καὶ γινούς ὅτι πολὺν ἤδη χρόνον ἐχει λέγει αὐτῷ θέλεις ὑγιῆς γενεσθαι
- 7 Malad la reponn li: Mèt, mwen pa gen pesonn pou mete m' nan basen an lè dlo a ap bouyi. Lè mwen fè sa pou m' ale, yon lòt gen tan desann anvan mwen.
 The ill man said in answer, Sir, I have nobody to put me into the bath when the water is moving; and while I am on the way down some other person gets in before me.
 ἀπεκρίθη αὐτῷ ὁ ἀσθενῶν κυριε ἀνθρώπον οὐκ ἔχω ἵνα ὅταν ταραχθῇ τὸ ὕδωρ βαλλῆ με εἰς τὴν κολυμβηθραν ἐν ὁ δε ἐρχομαι ἐγὼ ἄλλος προ ἐμου καταβαίνει
- 8 Jezi di li: Leve non. Pran nat ou, mache ou ale.
 Jesus said to him, Get up, take your bed and go.
 λέγει αὐτῷ ὁ ἰησοῦς ἐγείραι ἀρον τὸν κρᾶββατον σου καὶ περιπατεῖ
- 9 Menm lè a, nonm lan geri. Li ranmase nat li, li pran mache. Men, jou sa fèt la se te yon jou repo.
 And the man became well straight away, and took up his bed and went. Now that day was the Sabbath.
 καὶ εὐθεὸς ἐγένετο ὑγιῆς ὁ ἀνθρώπος καὶ ἦρεν τὸν κρᾶββατον αὐτοῦ καὶ περιπατεῖ ἦν δε σαββατον ἐν ἐκείνῃ τῇ ἡμέρᾳ
- 10 Jwif yo di nonm ki te geri a: Jòdi a se jou repo. Lalwa nou an pa pèmèt pou w'ap pote nat ou jòdi a.
 So the Jews said to the man who had been made well, It is the Sabbath; and it is against the law for you to take up your bed.
 ἐλέγον οὖν οἱ ἰουδαῖοι τῷ τεθεραπευμένῳ σαββατον ἐστὶν οὐκ ἐξεστὶν σοὶ ἀραι τὸν κρᾶββατον

- 11 Li reponn yo: Se moun ki geri m' lan wi ki di m' ranmase nat mwen, mache m' ale.
He said to them, But he who made me well, said to me, Take up your bed and go.
απεκριθη αυτοις ο ποιησας με υγιη εκεινος μοι ειπεν αρον τον κραββατον σου και περιπατει
- 12 Lè sa a, yo mande li: Kilès sa a ki di ou ranmase nat ou, mache ou ale a?
Then they put to him the question: Who is the man who said to you, Take it up and go?
ηρωτησαν ουν αυτον τις εστιν ο ανθρωπος ο ειπων σοι αρον τον κραββατον σου και περιπατει
- 13 Men, nonm ki te geri a pa t' konnen ki moun li te ye, paske te sitèlman gen moun la, Jezi te gen tan pati al fè wout li.
Now he who had been made well had no knowledge who it was, Jesus having gone away because of the number of people who were in that place.
ο δε ιαθεις ουκ ηδει τις εστιν ο γαρ ιησους εξερευσηεν οχλου οντος εν τω τοπω
- 14 Pita, Jezi kontre nonm lan nan tanp lan. Li di li konsa: Koute non. Koulye a ou wè ou geri, pa fè peche, tande, pou bagay pi mal pa rive ou.
After a time Jesus came across him in the Temple and said to him, See, you are well and strong; do no more sin for fear a worse thing comes to you.
μετα ταυτα ευρισκει αυτον ο ιησους εν τω ιερω και ειπεν αυτω ιδε υγιης γεγονας μηκετι αμαρτανε ινα μη χειρον τι σοι γενηται
- 15 Nonm lan al di jwif yo se Jezi ki te geri li.
The man went away and said to the Jews that it was Jesus who had made him well.
απηλθεν ο ανθρωπος και ανηγγειλεν τοις ιουδαιοις οτι ιησους εστιν ο ποιησας αυτον υγιη
- 16 Se poutèt sa jwif yo tanmen pèsekite Jezi paske li te fè sa yon jou repo.
And for this reason the Jews were turned against Jesus, because he was doing these things on the Sabbath.
και δια τουτο εδιωκον τον ιησουν οι ιουδαιοι και εξητουν αυτον αποκτειναι οτι ταυτα εποιει εν σαββατω
- 17 ¶ Men, Jezi reponn yo: Se tout tan Papa m' ap travay. Mwen menm tou, m' ap travay.
But his answer was: My Father is still working even now, and so I am working.
ο δε ιησους απεκρινατο αυτοις ο πατηρ μου εως αρτι εργαζεται καγω εργαζομαι
- 18 Poutèt pawòl sa a, jwif yo t' ap chache pi rèd atò pou yo te touye l'. Li pa t' sèlman fè bagay ki kont lalwa repo a, men li te di yo Bondye se papa li. Lè l' di sa, li te fè tèt li pase pou menm moun ak Bondye.
For this cause the Jews had an even greater desire to put Jesus to death, because not only did he not keep the Sabbath but he said God was his Father, so making himself equal with God.
δια τουτο ουν μαλλον εξητουν αυτον οι ιουδαιοι αποκτειναι οτι ου μονον ελθεν το σαββατον αλλα και πατερα ιδιον ελεγεν τον θεον ισον εαυτον ποιων τω θεω
- 19 Lè sa a, Jezi reponn yo: Sa m' ap di nou la a, se vre wi: Pitit Bondye a pa fè anyen pou kò li. Sa l' wè Papa a fè, se sa l' fè tou. Tou sa Papa a ap fè, Pitit la fè l' tou.
So Jesus made answer and said, Truly I say to you, The Son is not able to do anything himself; he is able to do only what he sees the Father doing; whatever the Father does the Son does it in the same way.
απεκρινατο ουν ο ιησους και ειπεν αυτοις αμην αμην λεγω υμιν ου δυναται ο υιος ποιειν αφ εαυτου ουδεν εαν μη τι βλεπη τον πατερα ποιουντα α γαρ αν εκεινος ποιη ταυτα και ο υιος ομοιως ποιει
- 20 Papa a renmen Pitit la, li moutre l' tou sa li menm l' ap fè. Li gen pou l' moutre l' fè bagay ki pi estwòdenè pase sa. Lè sa a, nou p' ap manke sezi.
For the Father has love for the Son and lets him see everything which he does: and he will let him see greater works than these so that you may be full of wonder.
ο γαρ πατηρ φιλει τον υιον και παντα δεικνυσιν αυτω α αυτος ποιει και μειζονα τούτων δειξει αυτω εργα ινα υμεις θαυμαζητε
- 21 Papa a fè moun mouri leve, li ba yo lavi ankò. Konsa tou, Pitit la bay moun li vle lavi.
In the same way, as the Father gives life to the dead, even so the Son gives life to those to whom he is pleased to give it.
ωσπερ γαρ ο πατηρ εγειρει τους νεκρους και ζωοποιει ουτως και ο υιος ους θελει ζωοποιει
- 22 Papa a pa jije pesonn, men li bay Pitit la tout pouvwa pou jije.
The Father is not the judge of men, but he has given all decisions into the hands of the Son;
ουδε γαρ ο πατηρ κρινει ουδενα αλλα την κρισιν πασαν δεδωκεν τω υιω
- 23 Konsa, tout moun va gen respè pou Pitit la, menm jan yo gen respè pou Papa a. Moun ki pa respekte Pitit la, li pa gen respè pou Papa ki voye l' la non plis.
So that all men may give honour to the Son even as they give honour to the Father. He who gives no honour to the Son gives no honour to the Father who sent him.
ινα παντες τιμωσιν τον υιον καθως τιμωσιν τον πατερα ο μη τιμων τον υιον ου τιμα τον πατερα τον πεμψαντα αυτον

- 24 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannan li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi.
Truly I say to you, The man whose ears are open to my word and who has faith in him who sent me, has eternal life; he will not be judged, but has come from death into life.
αμην αμην λεγω υμιν οτι ο τον λογον μου ακουουν και πιστευουν τω πεμψαντι με εχει ζωην αιωνιον και εις κρισιν ουκ ερχεται αλλα μεταβηκεν εκ του θανατου εις την ζωην
- 25 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Lè a ap rive, li rive deja: moun mouri yo pral tande vwa Pitit Bondye a. Tout moun mouri ki va tande vwa sa a pral gen lavi.
Truly I say to you, The time is coming, it has even now come, when the voice of the Son of God will come to the ears of the dead, and those hearing it will have life.
αμην αμην λεγω υμιν οτι ερχεται ωρα και νυν εστιν οτε οι νεκροι ακουουσονται της φωνης του υιου του θεου και οι ακουσαντες ζησονται
- 26 Papa a gen pouvwa pou l' bay lavi. Konsa tou, li bay Pitit la pouvwa pou bay lavi tou.
For even as the Father has life in himself, so he has given to the Son to have life in himself.
ωσπερ γαρ ο πατηρ εχει ζωην εν εαυτω ουτως εδωκεν και τω υιω ζωην εχειν εν εαυτω
- 27 Li bay Pitit la otorite pou jije, paske Pitit la, se Moun Bondye voye nan lachè a.
And he has given him authority to be judge because he is the Son of man.
και εξουσιαν εδωκεν αυτω και κρισιν ποιειν οτι υιος ανθρωπου εστιν
- 28 Nou pa bezwen sezi. Lè a pral rive: tout mò ki nan tonm pral tande vwa li,
Do not be surprised at this: for the time is coming when his voice will come to all who are in the place of the dead,
μη θαυμαζετε τουτο οτι ερχεται ωρα εν η παντες οι εν τοις μνημειοις ακουουσονται της φωνης αυτου
- 29 yo pral leve soti vivan nan tonm yo. Moun ki fè sa ki byen pral leve pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Men, tout moun ki fè sa ki mal pral leve pou resevwa kondannasyon yo.
And they will come out; those who have done good, into the new life; and those who have done evil, to be judged.
και εκπορευσονται οι τα αγαθα ποιησαντες εις αναστασιν ζωης οι δε τα φαυλα πραξαντες εις αναστασιν κρισεως
- 30 Mwen pa kapab fè anyen pou kò mwen. M'ap jije dapre sa Bondye di mwen. Jijman mwen bon paske sa m'ap chache fè a se pa sa m' vle, men sa moun ki voye m' lan vle.
Of myself I am unable to do anything: as the voice comes to me so I give a decision: and my decision is right because I have no desire to do what is pleasing to myself, but only what is pleasing to him who sent me.
ου δυναμαι εγω ποιειν απ εμαυτου ουδεν καθως ακουω κρινω και η κρισις η εμη δικαια εστιν οτι ου ζητω το θελημα το εμον αλλα το θελημα του πεμψαντος με πατρος
- 31 ¶ Si m' pale tèt mwen byen, moun pa ka asepte sa m'ap di a pou verite.
If I gave witness about myself, my witness would not be true.
εαν εγω μαρτυρω περι εμαυτου η μαρτυρια μου ουκ εστιν αληθης
- 32 Men, se yon lòt k'ap pale byen sou mwen. Mwen konnen sa l'ap di sou mwen an, se verite.
There is another who gives witness about me and I am certain that the witness he gives about me is true.
αλλος εστιν ο μαρτυρων περι εμου και οίδα οτι αληθης εστιν η μαρτυρια ην μαρτυρει περι εμου
- 33 Nou te voye moun bò kot Jan. Li te di nou verite a jan l' ye a.
You sent to John and he gave true witness.
υμεις απεσταλκατε προς ιωαννην και μεμαρτυρηκεν τη αληθεια
- 34 Mwen menm poutèt pa m', mwen pa bezwen pesonn pale pou mwen. Men, mwen di nou sa pou nou kapab sove.
But I have no need of a man's witness: I only say these things so that you may have salvation.
εγω δε ου παρα ανθρωπου την μαρτυριαν λαμβανω αλλα ταυτα λεγω ινα υμεις σωθητε
- 35 Jan te tankou yon lanp yo limen ki klere byen bèl. Pou yon tan, nou te byen kontan pwofite limyè li a.
He was a burning and shining light, and for a time you were ready to be happy in his light.
εκεινος ην ο λυχνος ο καιομενος και φαινων υμεις δε ηθελησατε αγαλλιασθηναι προς ωραν εν τω φωτι αυτου
- 36 Men, pou mwen menm, mwen gen yon lòt bagay ki pale an favè m' ki pi bon toujou pase sa Jan te di sou mwen an. Se travay m'ap fè a, travay Papa m' ban m' fè a ki pale pou mwen. Sa fè wè se Papa a ki voye mwen.
But the witness which I have is greater than that of John: the work which the Father has given me to do, the very work which I am now doing, is a witness that the Father has sent me.
εγω δε εχω την μαρτυριαν μειζω του ιωαννου τα γαρ εργα α εδωκεν μοι ο πατηρ ινα τελειωσω αυτα αυτα τα εργα α εγω ποιω μαρτυρει περι εμου οτι ο πατηρ με απεσταλκεν

- 37 Papa ki voye m' lan, li menm tou l'ap pale an favè mwen. Nou pa janm tande vwa l', ni nou pa janm wè figi li.
And the Father himself who sent me has given witness about me. Not one of you has ever given ear to his voice; his form you have not seen.
 και ο πεμφας με πατηρ αυτος μεμαρτυρηκεν περι εμου ουτε φωνην αυτου ακηκοατε ποποτε ουτε ειδος αυτου εωρακατε
- 38 Nou pa kenbe pawòl li yo nan kè nou, paske nou pa kwè nan moun li voye a.
And you have not kept his word in your hearts, because you have not faith in him whom he has sent.
 και τον λογον αυτου ουκ εχετε μενοντα εν υμιν οτι ον απεστειλεν εκεινος τουτω υμεις ου πιστευετε
- 39 N'ap plede etidye sa ki ekri nan Liv la, paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi ki pa janm fini an ladan li. Men, se Liv sa a menm ki pale sou mwen.
You make search in the holy Writings, in the belief that through them you get eternal life; and it is those Writings which give witness about me.
 ερευνατε τας γραφας οτι υμεις δοκειτε εν αυταις ζωνη αιωνιον εχειν και εκειναι εισιν αι μαρτυρουσαι περι εμου
- 40 Malgre sa, nou pa vle vin jwenn mwen pou nou ka gen lavi tout bon an.
And still you have no desire to come to me so that you may have life.
 και ου θελετε ελθειν προς με ινα ζωνη εχητε
- 41 Mwen p'ap chache lwanj nan men lèzòm.
I do not take honour from men;
 δοξαν παρα ανθρωπων ου λαμβανω
- 42 Men, mwen konnen ki moun nou ye: nou pa gen renmen pou Bondye nan kè nou.
But I have knowledge of you that you have no love for God in your hearts.
 αλλ εγνωκα υμας οτι την αγαπην του θεου ουκ εχετε εν εαυτοις
- 43 Se Papa m' ki voye mwen. Men, nou pa vle resevwa mwen. Men, kite yon lòt moun vin pou kont li, n'ap resevwa li.
I have come in my Father's name, and your hearts are not open to me. If another comes with no other authority but himself, you will give him your approval.
 εγω εληλυθα εν τω ονοματι του πατρος μου και ου λαμβανετε με εαν αλλος ελθη εν τω ονοματι τω ιδιω εκεινον ληψεσθε
- 44 Nou renmen resevwa lwanj yonn nan men lòt, nou pa chache lwanj ki sofè nan men Bondye ki pa gen parèy la. Nan kondisyon sa a, ki jan pou nou kwè?
How is it possible for you to have faith while you take honour one from another and have no desire for the honour which comes from the only God?
 πως δυνασθε υμεις πιστευσαι δοξαν παρα αλληλων λαμβανοντες και την δοξαν την παρα του μονου θεου ου ζητατε
- 45 Pa mete nan tèt nou mwen pral akize nou devan Papa mwen. Se Moyiz ki pral akize nou, Moyiz nou di ki tout espwa nou an.
Put out of your minds the thought that I will say things against you to the Father: the one who says things against you is Moses, on whom you put your hopes.
 μη δοκειτε οτι εγω κατηγορησω υμων προς τον πατερα εστιν ο κατηγορων υμων μοσης εις ον υμεις ηλπικατε
- 46 Si nou te kwè tout bon nan Moyiz, nou ta kwè nan mwen tou, paske li ekri sou mwen tou.
If you had belief in Moses you would have belief in me; for his writings are about me.
 ει γαρ επιστευετε μοση επιστευετε αν εμοι περι γαρ εμου εκεινος εγραψεν
- 47 Men, nou pa kwè nan sa l' te ekri a. Ki jan pou n' ta fè kwè sa m'ap di nou an?
If you have no belief in his writings, how will you have belief in my words?
 ει δε τοις εκεινον γραμμασιν ου πιστευετε πως τοις εμοις ρημασιν πιστευσετε
- 1 ¶ Apre sa, Jezi janbe lòt bò lanmè Galile a. Yo rele lanmè sa a lanmè Tiberyad tou.
After these things Jesus went away to the other side of the sea of Galilee--that is, the sea of Tiberias.
 μετα ταυτα απηλθεν ο ιησους περαν της θαλασσης της γαλιλαιας της τιβεριαδος
- 2 Yon gwo foul moun t'ap swiv li, paske yo te wè mirak li t'ap fè, jan li t'ap geri anpil moun malad tou.
And a great number of people went after him because they saw the signs which he did on those who were ill.
 και ηκολουθει αυτω οχλος πολυς οτι εωρων αυτου τα σημεια α εποiei επι των ασθενουντων
- 3 Jezi moute sou yon ti mòn, li chita la ansanm ak dispil li yo.
Then Jesus went up the mountain and was seated there with his disciples.
 ανηλθεν δε εις το ορος ο ιησους και εκει εκαθητο μετα των μαθητων αυτου

- 4 **Jou fèt Delivrans jwif yo te vanse rive.**
Now the Passover, a feast of the Jews, was near.
 ην δε εγγυς το πασχα η εορτη των ιουδαιων
- 5 **Jezi gade, li wè yon gwo foul moun ki t'ap vin jwenn li. Li rele Filip, li di l' konsa: Ki bò nou ta ka jwenn manje pou n' achte pou n' bay moun sa yo manje?**
Lifting up his eyes, Jesus saw a great number of people coming to where he was, and he said to Philip, Where may we get bread for all these people?
 επαρας ον ο ιησους τους οφθαλμους και θεασαμενος οτι πολυς οχλος ερχεται προς αυτον λεγει προς τον φιλιππον ποθεν αγορασομεν αρτους ινα φαγωσιν ουτοι
- 6 **(Li t'ap di sa pou l' te wè sa Filip tapral reponn li; li menm li te byen konnen sa l' tapral fè.)**
This he said, testing him: for he had no doubt what he himself would do.
 τουτο δε ελεγεν πειραζων αυτον αυτος γαρ ηδει τι εμελλεν ποιειν
- 7 **Filip reponn li: Menm si nou ta gen desan (200) goud pou achte pen, pa ta gen ase pou chak moun ta jwenn ti kal.**
Philip made answer, Bread to the value of two hundred pence would not be enough even to give everyone a little.
 απεκριθη αυτω φιλιππος διακοσιων δηναριων αρτοι ουκ αρκουσιν αυτοις ινα εκαστος αυτων βραχυ τι λαβη
- 8 **Yon lòt nan disip yo, Andre, frè Simon Pyè a, di li:**
One of his disciples, Andrew, the brother of Simon Peter, said to Jesus,
 λεγει αυτω εις εκ των μαθητων αυτου ανδρας ο αδελφος σιμωνος πετρου
- 9 **Gen yon ti gason la a ki gen senk pen fèt ak farenn lòj, ak de ti pwason. Men, sa pa anyen pou tout kantite moun sa yo.**
There is a boy here with five barley cakes and two fishes: but what is that among such a number?
 εστιν παιδαριον εν ωδε ο χει πεντε αρτους κριθινης και δυο οψαρια αλλα ταυτα τι εστιν εις τοσουτους
- 10 **Lè sa a, Jezi di yo: Fè moun yo chita. (Te gen anpil zèb bò la.) Moun yo chita, te gen senkmil (5.000) gason konsa.**
Jesus said, Let the people be seated. Now there was much grass in that place. And those seated on the grass were about five thousand.
 ειπεν δε ο ιησους ποιησατε τους ανθρωπους αναπεσειν ην δε χορτος πολυς εν τω τοπω ανεπεσον ον οι ανδρες τον αριθμον ωσει πεντακιςχιλιοι
- 11 **Jezi pran pen yo; lè li fin di Bondye mèsi pou yo, li bay tout moun ki te chita yo. Li fè menm jan an tou ak pwason yo. Yo tout te jwenn kantite yo te vle.**
Then Jesus took the cakes and having given praise to God, he gave them to the people who were seated, and the fishes in the same way, as much as they had need of.
 ελαβεν δε τους αρτους ο ιησους και ευχαριστησας διεδωκεν τοις μαθηταις οι δε μαθηται τοις ανακειμενοις ομοιως και εκ των οψαριων οσον ηθελον
- 12 **Lè tout fin manje vant plen, Jezi di disip li yo: Ranmase tout ti moso ki rete yo. Pa kite anyen gaspiye.**
And when they had had enough, Jesus said to his disciples, Take up the broken bits which are over, so that nothing may be wasted.
 ως δε ενεπλησθησαν λεγει τοις μαθηταις αυτου συναγαγετε τα περισσευσαντα κλασματα ινα μη τι αποληται
- 13 **Yo ranmase tout moso ki te rete nan senk pen moun yo te manje yo. Yo plen douz panyen pote ale.**
So they took them up: twelve baskets full of broken bits of the five cakes which were over after the people had had enough.
 συναγαγον ον και εγεμισαν δωδεκα κοφινους κλασματων εκ των πεντε αρτων των κριθινων α επερισσευσεν τοις βεβροκοσιν
- 14 **Lè moun yo wè mirak Jezi te fè a, yo di konsa: Se vre wi, nonm sa a se pwofèt ki te gen pou vini sou latè a.**
And when the people saw the sign which he had done, they said, Truly, this is the prophet who is to come into the world.
 οι ον ανθρωποι ιδοντες ο εποιησεν σημειον ο ιησους ελεγον οτι ουτος εστιν αληθως ο προφητης ο ερχομενος εις τον κοσμον
- 15 **¶ Jezi te vin konnen yo tapral pran l' pa fòs pou yo fè l' wa. Li wete kò l' ankò sou ti mòn lan, men fwa sa a pou kont li.**
Now when Jesus saw that the people were about to come and take him by force to make him a king, he went away again up the mountain by himself.
 ιησους ον γρους οτι μελλουσιν ερχεσθαι και αρπαζειν αυτον ινα ποιησωσιν αυτον βασιλευ ανεχωρησεν παλιν εις το ορος αυτος μονος
- 16 **Lè solèy fin kouche, disip li yo desann bò lanmè a.**
When evening came the disciples went down to the sea;
 ως δε οψια εγενετο κατεβησαν οι μαθηται αυτου επι την θαλασσαν
- 17 **Yo moute nan yon kannòt, yo pran travès lanmè a nan direksyon Kapènaòm. Te fin fè nwit nèt, men Jezi pa t' ankò vin jwenn yo.**
And they took a boat and went across the sea in the direction of Capernaum. By then it was dark and still Jesus had not come to them.
 και εμβαντες εις το πλοιον ηρχοντο περαν της θαλασσης εις καπερναουμ και σκοτια ηδη εγεγονει και ουκ εληλυθει προς αυτους ο ιησους

- 18 Dlo lanmè a te move paske van an te fò.
The sea was getting rough because of a strong wind which was blowing.
η τε θαλασσα ανεμου μεγαλου πνεοντος διηγειρετο
- 19 Yo te gen tan naje zaviwon senk a sis kilomèt konsa deja, lè yo wè Jezi ki t'ap vin bò kannòt la. Li t'ap mache sou dlo a. Yo tout te pè.
After they had gone three or four miles they saw Jesus walking on the sea and coming near to the boat; and they had great fear.
εληλακοτες ουν ως σταδιους εικοσιπεντε η τριακοντα θεωρουσιν τον ιησουν περιπατουντα επι της θαλασσης και εγγυς του πλοιου γινομενον και εφοβηθησαν
- 20 Men, Jezi di yo: Se mwen menm. Nou pa bezwen pè.
But he said to them, It is I, have no fear.
ο δε λεγει αυτοις εγω ειμι μη φοβεισθε
- 21 Yo te vle pran l' nan kannòt la, men lamenm yo fè tè: yo te gen tan rive kote yo taprale a.
Then they readily took him into the boat: and straight away the boat was at the land to which they were going.
ηθελον ουν λαβειν αυτον εις το πλοιον και ευθεως το πλοιον εγενετο επι της γης εις ην υπηγον
- 22 ¶ Nan denmen, foul moun ki te rete lòt bò lanmè a te wè te gen yon sèl kannòt ase. Yo te konnen Jezi pa t' moute nan kannòt la avèk disip li yo. Disip li yo te pati pou kont yo.
The day after, the people who were on the other side of the sea saw that only one small boat had been there, that Jesus had not gone in that boat with the disciples, but that the disciples had gone away by themselves.
τη επαυριον ο οχλος ο εστηκως περαν της θαλασσης ιδων οτι πλοιαριον αλλο ουκ ην εκει ει μη εν εκεινο εις ο ενεβησαν οι μαθηται αυτου και οτι ου συνεισηλθεν τοις μαθηταις αυτου ο ιησους εις το πλοιαριον αλλα μονοι οι μαθηται αυτου απηλθον
- 23 Men, te gen lòt kannòt ki te soti lavil Tiberyad ki te rive bò kote yo te manje pen an apre Seyè a te di Bondye mèsi a.
Some other boats, however, came from Tiberias near to the place where they had taken the bread after the Lord had given praise.
αλλα δε ηλθεν πλοιαρια εκ τιβεριαδος εγγυς του τοπου οπου εφαγον τον αρτον ευχαριστησαντος του κυριου
- 24 Lè foul moun yo wè ni Jezi, ni disip li yo pa t' la, yo moute nan kannòt sa yo, y' al chache l' lavil Kapènawòm.
So when the people saw that Jesus was not there, or his disciples, they got into those boats and went over to Capernaum looking for Jesus.
οτε ουν ειδεν ο οχλος οτι ιησους ουκ εστιν εκει ουδε οι μαθηται αυτου ενεβησαν και αυτοι εις τα πλοια και ηλθον εις καπερναουμ ζητουντες τον ιησουν
- 25 Yo jwenn Jezi lòt bò lanmè a. Yo di li: Mèt, kilè ou gen tan rive isit la?
And when they came across him on the other side of the sea they said, Rabbi, when did you come here?
και ευροντες αυτον περαν της θαλασσης ειπον αυτω ραββι ποτε ωδε γεγονας
- 26 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Se pa paske nou wè mirak mwen fè yo non kifè n'ap chache m' konsa. Se paske nou manje pen plen vant nou.
Jesus, answering them, said, Truly I say to you, You come after me, not because you saw signs, but because you were given the bread and had enough.
απεκριθη αυτοις ο ιησους και ειπεν αμην αμην λεγω υμιν ζητατε με ουχ οτι ειδετε σημεια αλλ οτι εφαγετε εκ των αρτων και εχορτασθητε
- 27 Pa travay pou manje k'ap gate! Travay pito pou manje k'ap konsève, manje k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an. Kalite manje sa a, se Moun Bondye voye nan lachè a ki va ban nou l', paske se pou sa Bondye Papa a voye li.
Let your work not be for the food which comes to an end, but for the food which goes on for eternal life, which the Son of man will give to you, for on him has God the Father put his mark.
εργαζεσθε μη την βρωσιν την απολλυμενην αλλα την βρωσιν την μενουσαν εις ζωνη αιωνιων ην ο υιος του ανθρωπου υμιν δωσει τουτον γαρ ο πατηρ εσφραγισεν ο θεος
- 28 ¶ Lè sa a, yo mande li: Kisa pou n' fè si nou vle fè travay Bondye?
Then they said to him, How may we do the works of God?
ειπον ουν προς αυτον τι ποιουμεν ινα εργαζομεθα τα εργα του θεου
- 29 Jezi reponn yo: Sèl travay Bondye mande nou pou n' fè, se pou nou mete konfyans nou nan moun li voye a.
Jesus, answering, said to them, This is to do the work of God: to have faith in him whom God has sent.
απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτοις τουτο εστιν το εργον του θεου ινα πιστευσητε εις ον απεστειλεν εκεινος
- 30 Yo di li: Ki mirak ou ka fè nou wè pou nou ka kwè nan ou? Kisa ou pral fè?
So they said, What sign do you give us, so that we may see and have faith in you? What do you do?
ειπον ουν αυτω τι ουν ποιεις συ σημειον ινα ιδωμεν και πιστευσωμεν σοι τι εργαζη

- 31 Zansèt nou yo te manje laman nan dezè a, jan sa ekri nan Liv la: Li ba yo pen ki soti nan syèl la pou yo manje.
Our fathers had the manna in the waste land, as the Writings say, He gave them bread from heaven.
οι πατερες ημων το μαννα εφαγον εν τη ερημω καθως εστιν γεγραμμενον αρτον εκ του ουρανου εδωκεν αυτοις φαγειν
- 32 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moyiz pa t' ban nou pen ki soti nan syèl la. Men, se Papa m' k'ap ban nou pen ki soti nan syèl tout bon an.
Jesus then said to them, Truly I say to you, What Moses gave you was not the bread from heaven; it is my Father who gives you the true bread from heaven.
ειπεν ουν αυτοις ο ιησους αμην αμην λεγω υμιν ου μωσης δεδωκεν υμιν τον αρτον εκ του ουρανου αλλ ο πατηρ μου διδωσιν υμιν τον αρτον εκ του ουρανου τον αληθινον
- 33 Paske pen Bondye bay la, se moun ki desann sot nan syèl la pou bay lèzòm lavi.
The bread of God is the bread which comes down out of heaven and gives life to the world.
ο γαρ αρτος του θεου εστιν ο καταβαινων εκ του ουρανου και ζωην διδους τω κοσμω
- 34 Yo di li: Mèt, toujou ban n' nan kalite pen sa a.
Ah, Lord, they said, give us that bread for ever!
ειπον ουν προς αυτον κυριε παντοτε δος ημιν τον αρτον τουτον
- 35 Jezi di yo: Se mwen menm pen ki bay lavi a. Moun ki vin jwenn mwen p'ap janm grangou; moun ki kwè nan mwen p'ap janm swaf dlo.
And this was the answer of Jesus: I am the bread of life. He who comes to me will never be in need of food, and he who has faith in me will never be in need of drink.
ειπεν δε αυτοις ο ιησους εγω ειμι ο αρτος της ζωης ο ερχομενος προς με ου μη πειναση και ο πιστευων εις εμε ου μη διψηση ποποτε
- 36 Men, mwen te di nou sa: nou wè m', men nou pa kwè toujou.
But it is as I said to you: you have seen me, and still you have no faith.
αλλ ειπον υμιν οτι και εωρακατε με και ου πιστευετε
- 37 Tout moun Papa a ban mwen, gen pou vin jwenn mwen. Mwen p'ap janm mete moun ki vin jwenn mwen yo deyò.
Whatever the Father gives to me will come to me; and I will not send away anyone who comes to me.
παν ο διδωσιν μοι ο πατηρ προς εμε ηξει και τον ερχομενον προς με ου μη εκβαλω εξω
- 38 Paske, se pa pou fè volonte pa m' mwen desann sot nan syèl la, men pou m' fè volonte moun ki voye m' lan.
For I have come down from heaven, not to do my pleasure, but the pleasure of him who sent me.
οτι καταβεβηκα εκ του ουρανου ουχ ινα ποιω το θελημα το εμον αλλα το θελημα του πεμψαντος με
- 39 Men sa moun ki voye m' lan vle: li vle pou m' pa pèdi yonn nan moun li ban mwen yo, men pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a.
And this is the pleasure of him who sent me, that I am not to let out of my hands anything which he has given me, but I am to give it new life on the last day.
τουτο δε εστιν το θελημα του πεμψαντος με πατρος ινα παν ο δεδωκεν μοι μη απολεσω εξ αυτου αλλα αναστησω αυτο εν τη εσχατη ημερα
- 40 Men sa Papa m' vle: Tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Mwen gen pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a.
This, I say, is my Father's pleasure, that everyone who sees the Son and has faith in him may have eternal life: and I will take him up on the last day.
τουτο δε εστιν το θελημα του πεμψαντος με ινα πας ο θεωρων τον υιον και πιστευων εις αυτον εχη ζωην αιωνιον και αναστησω αυτον εγω τη εσχατη ημερα
- 41 Jwif yo te fache anpil sou Jezi poutèt li te di: Se mwen menm ki pen ki desann sot nan syèl la.
Now the Jews said bitter things about Jesus because of his words, I am the bread which came down from heaven.
εγογγυζον ουν οι ιουδαιοι περι αυτου οτι ειπεν εγω ειμι ο αρτος ο καταβας εκ του ουρανου
- 42 Yo t'ap di: Apa Jezi, pitit gason Jozèf la? Nou konn papa l' ak manman li. Ki jan li ka fè di koulye a li desann sot nan syèl la?
And they said, Is not this Jesus, the son of Joseph, whose father and mother we have seen? How is it then that he now says, I have come down from heaven?
και ελεγον ουχ ουτος εστιν ιησους ο υιος ιωσηφ ου ημεις οιδαμεν τον πατερα και την μητερα πως ουν λεγει ουτος οτι εκ του ουρανου καταβεβηκα
- 43 Jezi reponn yo: Nou pa bezwen ap bougonnen konsa.
Jesus made answer and said, Do not say things against me, one to another.
απεκριθη ουν ο ιησους και ειπεν αυτοις μη γογγυζετε μετ αλληλων
- 44 Pesonn pa ka vin jwenn mwen si Papa ki voye m' lan pa rele l' vini. Mwen menm, m'a fè l' leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a.
No man is able to come to me if the Father who sent me does not give him the desire to come: and I will take him up from the dead on the last day.
ουδεις δυναται ελθειν προς με εαν μη ο πατηρ ο πεμψας με ελκυση αυτον και εγω αναστησω αυτον τη εσχατη ημερα

- 45 Se sa ki ekri nan liv pwofèt yo: Bondye menm ap moutre yo tout bagay. Tout moun ki koute Papa a, ki asepte tou sa l' moutre yo, y'ap vin jwenn mwen.
The writings of the prophets say, And they will all have teaching from God. Everyone whose ears have been open to the teaching of the Father comes to me.
εστιν γεγραμμενον εν τοις προφηταις και εσονται παντες διδακτοι του θεου πας ουν ο ακουσας παρα του πατρος και μαθων ερχεται προς με
- 46 Sa pa vle di gen pesonn ki janm wè Papa a. Sèl moun ki wè Papa a, se moun ki soti bò kote Bondye ye a.
Not that anyone has ever seen the Father; only he who is from God, he has seen the Father.
ουχ οτι τον πατερα τις εωρακεν ει μη ο ων παρα του θεου ουτος εωρακεν τον πατερα
- 47 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo ki gen lavi ki p'ap janm fini an.
Truly I say to you, He who has faith in me has eternal life.
αμην αμην λεγω υμιν ο πιστευων εις εμε εχει ζωνη αιωνιον
- 48 Se mwen menm pen ki bay lavi a.
I am the bread of life.
εγω ειμι ο αρτος της ζωης
- 49 Zansèt nou yo te manje laman nan dezè a, atousa yo mouri.
Your fathers took the manna in the waste land--and they are dead.
οι πατερες υμων εφαγον το μαννα εν τη ερημω και απεθανον
- 50 Men, moun ki manje pen ki desann sot nan syèl la, yo p'ap janm mouri.
The bread which comes from heaven is such bread that a man may take it for food and never see death.
ουτος εστιν ο αρτος ο εκ του ουρανου καταβαινων ινα τις εξ αυτου φαγη και μη αποθानη
- 51 Se mwen menm pen ki bay lavi a, pen ki desann sot nan syèl la. Si yon moun manje nan pen sa a, l'ap viv pou tout tan. Pen mwen gen pou m' bay la, se kò mwen. M'ap bay li pou tout moun ki sou latè ka jwenn lavi.
I am the living bread which has come from heaven: if any man takes this bread for food he will have life for ever: and more than this, the bread which I will give is my flesh which I will give for the life of the world.
εγω ειμι ο αρτος ο ζων ο εκ του ουρανου καταβας εαν τις φαγη εκ τουτου του αρτου ζησεται εις τον αιωνα και ο αρτος δε ον εγω δωσω η σαρξ μου εστιν ην εγω δωσω υπερ της του κοσμου ζωης
- 52 Pawòl sa yo fè jwif yo tonbe diskite yonn ak lòt. Yo t'ap mande: Kouman nonm sa a kapab ban nou kò l' pou n' manje?
Then the Jews had an angry discussion among themselves, saying, How is it possible for this man to give us his flesh for food?
εμαχοντο ουν προς αλληλους οι ιουδαιοι λεγοντες πως δυναται ουτος ημιν δουναι την σαρκα φαγειν
- 53 Jezi di yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si nou pa manje kò Moun Bondye voye nan lachè a, si nou pa bwè san li, nou p'ap gen lavi nan nou.
Then Jesus said to them, Truly I say to you, If you do not take the flesh of the Son of man for food, and if you do not take his blood for drink, you have no life in you.
ειπεν ουν αυτοις ο ιησους αμην αμην λεγω υμιν εαν μη φαγητε την σαρκα του υιου του ανθρωπου και πιητε αυτου το αιμα ουκ εχετε ζωνη εν εαυτοις
- 54 Moun ki manje kò mwen, ki bwè san mwen, li gen lavi ki p'ap janm fini an. Mwen gen pou m' fè l' leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a.
He who takes my flesh for food and my blood for drink has eternal life: and I will take him up from the dead at the last day.
ο τρωγων μου την σαρκα και πινων μου το αιμα εχει ζωνη αιωνιον και εγω αναστησω αυτον τη εσχατη ημερα
- 55 Paske kò m', se yon manje tout bon, san mwen, se yon bwason tout bon.
My flesh is true food and my blood is true drink.
η γαρ σαρξ μου αληθως εστιν βρωσις και το αιμα μου αληθως εστιν ποσις
- 56 Moun ki manje kò m', ki bwè san m', y'ap fè yonn avè m', epi m'ap fè yonn avè yo tou.
He who takes my flesh for food and my blood for drink is in me and I in him.
ο τρωγων μου την σαρκα και πινων μου το αιμα εν εμοι μενει καγω εν αυτω
- 57 Papa ki voye m' lan, li vivan. Se li menm ki ban m' lavi. Konsa tou, moun ki manje m', m'a ba yo lavi.
As the living Father has sent me, and I have life because of the Father, even so he who takes me for his food will have life because of me.
καθως απεστειλεν με ο ζων πατηρ καγω ζω δια τον πατερα και ο τρωγων με κακεινος ζησεται δι εμε

- 58 Men pen ki desann sot nan syèl la. Li pa tankou pen zansèt nou yo te manje a, paske pen yo a pa t' anpeche yo mouri. Moun ki manje pen sa a ap viv pou tout tan.
This is the bread which has come down from heaven. It is not like the food which your fathers had: they took of the manna, and are dead; but he who takes this bread for food will have life for ever.
ουτος εστιν ο αρτος ο εκ του ουρανου καταβας ου καθως εφαγον οι πατερες υμων το μαννα και απεθανον ο τρωγων τουτον τον αρτον ζησεται εις τον αιωνα
- 59 Jezi te di pawòl sa yo antan l' te nan sinagòg Kapènwòm lan ap moutre moun yo anpil bagay.
Jesus said these things in the Synagogue while he was teaching at Capernaum.
ταυτα ειπεν εν συναγωγη διδασκων εν καπερναουμ
- 60 ¶ Lè yo fin tande sa, anpil nan disip Jezi yo di: Pawòl sa a twò rèd. Ki moun ki ka pran li?
Then, hearing this, a number of his disciples said, This is a hard saying; who is able to take in such teaching?
πολλοι ουν ακουσαντες εκ των μαθητων αυτου ειπον σκληρος εστιν ουτος ο λογος τις δυναται αυτου ακουειν
- 61 Jezi te gen tan wè disip li yo t'ap bougonnen sou pawòl la. Li di yo: Sa ofiske nou, pa vre?
When Jesus became conscious that his disciples were protesting about what he said, he said to them, Does this give you trouble?
ειδως δε ο ιησους εν εαυτω οτι γογγυζουσιν περι τουτου οι μαθηται αυτου ειπεν αυτοις τουτο υμας σκανδαλιζει
- 62 Kisa n'a di lè n'a wè Moun Bondye voye nan lachè a tounen moute kote l' te ye anvan an?
What then will you say if you see the Son of man going up to where he was before?
εαν ουν θεωρητε τον υιον του ανθρωπου αναβαινοντα σπου ην το προτερον
- 63 Se lespri a ki bay lavi, kò a pa vo anyen. Pawòl mwen di nou yo soti nan Lespri Bondye, yo bay lavi.
The spirit is the life giver; the flesh is of no value: the words which I have said to you are spirit and they are life.
το πνευμα εστιν το ζωοποιουν η σαρξ ουκ ωφελει ουδεν τα ρηματα α εγω λαλω υμιν πνευμα εστιν και ζωη εστιν
- 64 Men, gen kèk moun pami nou ki pa kwè. (Jezi te pale konsa, paske depi nan konmansman li te konnen moun ki pa t'ap kwè yo ansanm ak moun ki te gen pou trayi l' la.)
But still some of you have no faith. For it was clear to Jesus from the first who they were who had no faith, and who it was who would be false to him.
αλλ εισιν εξ υμων τινες οι ου πιστευουσιν ηδει γαρ εξ αρχης ο ιησους τινες εισιν οι μη πιστευοντες και τις εστιν ο παραδωσων αυτον
- 65 Li di ankò: Se poutèt sa mwen te di nou: pesonn pa ka vin jwenn mwen si se pa Bondye Papa a ki fè sa pou li.
And he said, This is why I said to you, No man is able to come to me if he is not given the power to do so by the Father.
και ελεγεν δια τουτου ειρηκα υμιν οτι ουδεις δυναται ελθειν προς με εαν μη η δεδομενον αυτω εκ του πατρος μου
- 66 Depi lè sa a, anpil nan disip yo wete kò yo, yo pa mache avè l' ankò.
Because of what he said, a number of the disciples went back and would no longer go with him.
εκ τουτου πολλοι απηλθον των μαθητων αυτου εις τα οπισω και ουκετι μετ αυτου περιεπατουν
- 67 Lè Jezi wè sa, li di douz disip yo: Nou menm, nou pa vle ale tou?
So Jesus said to the twelve, Have you a desire to go away?
ειπεν ουν ο ιησους τοις δωδεκα μη και υμεις θελετε υπαγειν
- 68 Simon Pyè reponn li: Seyè, ki moun pou n' al jwenn? Se ou menm ki gen pawòl k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an.
Then Simon Peter gave this answer: Lord, to whom are we to go? you have the words of eternal life;
απεκριθη ουν αυτω σιμων πετρος κυριε προς τινα απελευσομεθα ρηματα ζωης αιωνιου εχεις
- 69 Koulye a nou kwè, nou konnen se ou menm ki moun Bondye chwazi a.
And we have faith and are certain that you are the Holy One of God.
και ημεις πεπιστευκαμεν και εγνωκαμεν οτι συ ει ο χριστος ο υιος του θεου του ζωντος
- 70 Jezi reponn yo: Eske se pa mwen ki chwazi nou touledouz? Malgre sa, yonn nan nou se yon dyab.
Then Jesus said, Did I not make a selection of you, the twelve, and one of you is a son of the Evil One?
απεκριθη αυτοις ο ιησους ουκ εγω υμας τους δωδεκα εξελεξαμην και εξ υμων εις διαβολος εστιν
- 71 Li t'ap pale sou Jida, pitit Simon Iskariòt la. Paske, atout Jida te yonn nan douz disip yo, se li ki tapral trayi li.
He was talking of Judas, the son of Simon Iscariot. It was he who was to be false to Jesus--one of the twelve.
ελεγεν δε τον ιουδαν σιμωνος ισκαριωτην ουτος γαρ ημελλεν αυτον παραδιδουαι εις ων εκ των δωδεκα

- 1 ¶ Apre sa, Jezi t'ap mache toupatou nan peyi Galile, li pa t' vle ale nan peyi Jide menm, paske jwif yo t'ap chache touye li.
After this, Jesus went from place to place in Galilee. He did not go about in Judaea, because the Jews were looking for a chance to put him to death.
και περιπατει ο ιησους μετα ταυτα εν τη γαλιλαια ου γαρ ηθελεν εν τη ιουδαια περιπατειν οτι εζητουν αυτον οι ιουδαιοι αποκειναι
- 2 Jou fèt Joupa jwif yo te pre rive.
But the feast of the Jews, the feast of tents, was near.
ην δε εγγυς η εορτη των ιουδαιων η σκηνοπηγια
- 3 Frè Jezi yo di l' konsa: Pa rete bò isit la. Ale nan Jide non. Konsa, disip ou yo va wè travay w'ap fè.
So his brothers said to him, Go away from here into Judaea so that your disciples may see the works which you do.
ειπον ουν προς αυτον οι αδελφοι αυτου μεταβηθι εντευθεν και υπαγε εις την ιουδαιαν ινα και οι μαθηται σου θεωρησωσιν τα εργα σου α ποιεις
- 4 Yon moun ki vle pou tout moun konnen l' pa dwe travay an kachèt. Avèk travay w'ap fè a, se pou ou kite tout moun wè ou.
Because no man does things secretly if he has a desire that men may have knowledge of him. If you do these things, let yourself be seen by all men.
ουδεις γαρ εν κρυπτω τι ποιει και ζητει αυτος εν παρρησια ειναι ει ταυτα ποιεις φανερωσον σεαυτον τω κοσμω
- 5 (Men, frè l' yo pa t' kwè nan li.)
For even his brothers had no belief in him.
ουδε γαρ οι αδελφοι αυτου επιστευον εις αυτον
- 6 Jezi di yo konsa: Lè pa m' lan poko sonnen. Pou nou, tout lè yo bon.
Jesus said to them, My time is still to come, but any time is good for you.
λεγει ουν αυτοις ο ιησους ο καιρος ο εμος ουπω παρεστιν ο δε καιρος ο υμετερος παντοτε εστιν ετοιμος
- 7 Moun k'ap viv dapre prensip ki nan lemond pa ka rayi nou. Men, mwen menm yo rayi m' paske mwen di sa y'ap fè a pa bon.
It is not possible for you to be hated by the world; but I am hated by it, because I give witness that what it does is evil.
ου δυναται ο κοσμος μισειν υμας εμε δε μισει οτι εγω μαρτυρω περι αυτου οτι τα εργα αυτου πονηρα εστιν
- 8 Nou mèt al nan fèt la. Mwen menm, mwen pa prale. Paske, lè pa m' lan poko rive.
Go you up to the feast: I am not going up now to the feast because my time has not fully come.
υμεις αναβητε εις την εορτην ταυτην εγω ουπω αναβαινω εις την εορτην ταυτην οτι ο καιρος ο εμος ουπω πεληρωται
- 9 Apre li fin di yo sa, li rete rete l' nan peyi Galile.
Having said these things to them, he still kept in Galilee.
ταυτα δε ειπων αυτοις εμεινεν εν τη γαλιλαια
- 10 Apre frè l' yo fin pati al nan fèt la, Jezi ale tou, men an kachèt. Li pa t' kite pesonn wè li.
But after his brothers had gone up to the feast, then he went up, not publicly, but in secret.
ως δε ανεβησαν οι αδελφοι αυτου τοτε και αυτος ανεβη εις την εορτην ου φανερωσ αλλ ως εν κρυπτω
- 11 Jwif yo menm t'ap chache l' pandan tout fèt la. Yo t'ap di: Kote l' ye konsa?
At the feast the Jews were looking for him and saying, Where is he?
οι ουν ιουδαιοι εζητουν αυτον εν τη εορτη και ελεγον που εστιν εκεινος
- 12 Nan tout foul moun yo, yo t'ap pale nan zòrèy sou li anpil. Gen moun ki t'ap di: Se yon nonm debyen wi. Gen lòt ki t'ap di: Non, se pete l'ap pete moun.
And there was much discussion about him among the mass of the people. Some said, He is a good man; but others said, No, he is giving people false ideas.
και γογγυσμος πολυς περι αυτου ην εν τοις οχλοις οι μεν ελεγον οτι αγαθος εστιν αλλοι δε ελεγον ου αλλα πλανα τον οχλον
- 13 Men, pesonn pa t' nonmen non l' fò pou lòt moun pa t' tande, sitèlman yo te pè jwif yo.
But no man said anything about him openly for fear of the Jews.
ουδεις μεντοι παρρησια ελαλει περι αυτου δια τον φοβον των ιουδαιων
- 14 ¶ Te rete kat jou ankò pou fèt la te fini, lè Jezi al nan tanp lan. Li kòmanse pale.
Now in the middle of the feast Jesus went up to the Temple and was teaching.
ηδη δε της εορτης μεσουσης ανεβη ο ιησους εις το ιερον και εδιδασκεν

- 15 Jwif yo pa t' manke sezi. Yo t'ap di: Ki jan nonm sa a fè konnen tout bagay sa yo? Li pa janm al lekòl.
Then the Jews were surprised and said, How has this man got knowledge of books? He has never been to school.
και εθαυμαζον οι ιουδαιοι λεγοντες πως ουτος γραμματα οιδεν μη μεμαθηκως
- 16 Jezi reponn yo: Bagay m'ap moutre nou la a, se pa nan mwen yo soti. Yo soti nan Bondye ki voye m' lan.
Jesus gave them this answer: It is not my teaching, but his who sent me.
απεκριθη αυτοις ο ιησους και ειπεν η εμη διδαχη ουκ εστιν εμη αλλα του πεμψαντος με
- 17 Si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen si bagay m'ap moutre yo soti nan Bondye osinon si se pawòl pa m' m'ap pale.
If any man is ready to do God's pleasure he will have knowledge of the teaching and of where it comes from--from God or from myself.
εαν τις θελη το θελημα αυτου ποιειν γνωσεται περι της διδαχης ποτερον εκ του θεου εστιν η εγω απ εμαυτου λαλω
- 18 Yon moun k'ap pale pawòl pa l', se chache l'ap chache fè lwanj tèt li. Men, moun k'ap travay pou sa sèvi yon lwanj pou moun ki voye l' la, se verite a pou l' di. Pa gen riz nan li.
The man whose words come from himself is looking for glory for himself, but he who is looking for the glory of him who sent him--that man is true and there is no evil in him.
ο αφ εαυτου λαλων την δοξαν την ιδιαν ζητει ο δε ζητων την δοξαν του πεμψαντος αυτον ουτος αληθης εστιν και αδικια εν αυτω ουκ εστιν
- 19 Moyiz te ban nou Lalwa a, pa vre? Men, nou yonn pa obeyi Lalwa. Poukisa n'ap chache touye mwen?
Did not Moses give you the law? Even so, not one of you keeps the law. Why have you a desire to put me to death?
ου μοσης δεδωκεν υμιν τον νομον και ουδεις εξ υμων ποιει τον νομον τι με ζητειτε αποκτειναι
- 20 Foul moun yo reponn li: Gen lè ou gen yon move lespri sou ou? Ki moun k'ap chache touye ou la a?
The people said in answer, You have an evil spirit: who has any desire to put you to death?
απεκριθη ο οχλος και ειπεν δαιμονιον εχεις τις σε ζητει αποκτειναι
- 21 Jezi reponn yo: Mwen fè yon sèl bagay, epi nou tout nou sezi pou sa!
This was the answer of Jesus: I have done one work and you are all surprised at it.
απεκριθη ο ιησους και ειπεν αυτοις εν εργον εποιησα και παντες θαυμαζετε
- 22 Moyiz ban nou lòd pou nou sikonsi tout ti gason, epi nou dakò pou yo sikonsi yon moun gwo jou repo a. (Men, kite m' di nou: se pa t' Moyiz ki te kòmanse ak sikonsizyon an non, se te zansèt nou yo.)
Moses gave you circumcision--not that it comes from Moses, but from the fathers--and even on the Sabbath you give a child circumcision.
δια τουτο μοσης δεδωκεν υμιν την περιτομην ουχ οτι εκ του μοσεως εστιν αλλ εκ των πατερων και εν σαββατω περιτεμνετε ανθρωπον
- 23 Si nou ka sikonsi yon ti gason jou repo a pou n' ka fè sa Lalwa Moyiz la mande a, pa gen rezon pou n' ankòlè sou mwen si m' geri yon moun ki te malad nan tout kò l', yon jou repo.
If a child is given circumcision on the Sabbath so that the law of Moses may not be broken, why are you angry with me because I made a man completely well on the Sabbath?
ει περιτομην λαμβανει ανθρωπος εν σαββατω ινα μη λυθη ο νομος μοσεως εμοι χολατε οτι ολον ανθρωπον υγιη εποιησα εν σαββατω
- 24 Pa jije sou laparans. Jije dapre sa ki dwat.
Let not your decisions be based on what you see, but on righteousness.
μη κρινετε κατ οψιν αλλα την δικαιαν κρισιν κρινατε
- 25 Lè sa a, te gen kèk moun Jerizalèm ki t'ap di: Apa nonm y'ap chache touye a?
Then some of the people of Jerusalem said, Is not this the man whose death is desired?
ελεγον ουν τινες εκ των ιεροσολυμιτων ουχ ουτος εστιν ον ζητουσιν αποκτειναι
- 26 Gade l'ap pale lib devan tout moun, yo pa di l' anyen. Gen lè chèf nou yo rekonèt se Kris la vre li ye!
And here he is talking openly and they say nothing to him! Is it possible that the rulers have knowledge that this is truly the Christ?
και ιδε παρρησια λαλει και ουδεν αυτω λεγουσιν μηποτε αληθως εγνωσαν οι αρχοντες οτι ουτος εστιν αληθως ο χριστος
- 27 Men, yo toujou di lè Kris la va rive, pesonn p'ap konnen ki bò l' soti. Men nonm sa a, nou konnen ki bò l' soti.
However, it is clear to us where this man comes from: but when the Christ comes no one will have knowledge where he comes from.
αλλα τουτον οιδαμεν ποθεν εστιν ο δε χριστος οταν ερχηται ουδεις γινωσκει ποθεν εστιν

- 28 Jezi t'ap moutre moun yo anpil bagay nan tanp lan. Li di yo byen fò: Nou rekonèt mwen? Nou konnen ki bò m' soti? Se pa mwen ki fè lide pou m' vini non. Moun ki voye m' lan, li la tout bon. Men, nou pa konnen li.
Then, when he was teaching in the Temple, Jesus said with a loud voice, You have knowledge of me and you have knowledge of where I come from; and I have not come of myself; but there is One who has sent me; he is true, but you have no knowledge of him.
εκραξεν ουν εν τω ιερω διδασκων ο ιησους και λεγων καμε οιδατε και οιδατε ποθεν ειμι και απ εμαυτου ουκ εληλυθα αλλ εστιν αληθινος ο πεμψας με ον υμεις ουκ οιδατε
- 29 Mwen menm, mwen konnen l', paske se bò kote l' mwen soti. Se li menm ki voye mwen.
I have knowledge of him because I came from him and he sent me.
εγω δε οιδα αυτον οτι παρ αυτου ειμι κακεινος με απεστειλεν
- 30 Lè sa a, yo t'ap chache arete l', men pesonn pa t' mete men sou li paske lè l' pa t' ankò rive.
Then they had a desire to take him: but no man put hands on him because his hour was still to come.
εζητουν ουν αυτον πιασαι και ουδεις επεβαλεν επ αυτον την χειρα οτι ουπω εληλυθει η ωρα αυτου
- 31 Atousa, te gen anpil moun nan foul pèp la ki te kwè nan li. Yo t'ap di: Lè Kris la va vini, èske la fè plis mirak pase nonm sa a?
And numbers of the people had belief in him, and they said, When the Christ comes will he do more signs than this man has done?
πολλοι δε εκ του οχλου επιστευσαν εις αυτον και ελεγον οτι ο χριστος οταν ελη μητι πλειονα σημεια τουτων ποιησει ον ουτος εποιησεν
- 32 Farizyen yo vin konnen sa yo t'ap di nan zòrèy sou Jezi nan pèp la. Chèf prèt yo ansanm ak farizyen yo voye kèk gad pou arete Jezi.
This discussion of the people came to the ears of the Pharisees; and the chief priests and the Pharisees sent servants to take him.
ηκουσαν οι φαρισαιοι του οχλου γογγυζοντος περι αυτου ταυτα και απεστειλαν οι φαρισαιοι και οι αρχιερεις υπηρετας ινα πιασωσιν αυτον
- 33 Jezi di konsa: Se pou yon ti tan ankò mwen la ak nou. Apre sa, mwen pral jwenn moun ki voye m' lan.
Then Jesus said, I will be with you a little longer and then I go to him who sent me.
ειπεν ουν αυτοις ο ιησους ετι μικρον χρονον μεθ υμων ειμι και υπαγω προς τον πεμψαντα με
- 34 N'a chache m', men nou p'ap jwenn mwen, paske nou p'ap ka vini kote m' prale a.
You will be looking for me, and you will not see me: and where I am you may not come.
ζητησετε με και ουχ ευρησετε και οπου ειμι εγω υμεις ου δυνασθε ελθειν
- 35 Jwif yo yonn t'ap mande lòt: Ki bò l' prale menm pou nou pa kapab jwenn li? Eske li pral menm kote ak jwif ki gaye nan mitan moun Lagrès yo pou l' moutre moun Lagrès yo anpil bagay?
So the Jews said among themselves, To what place is he going where we will not see him? will he go to the Jews living among the Greeks and become the teacher of the Greeks?
ειπον ουν οι ιουδαιοι προς εαυτους που ουτος μελλει πορευεσθαι οτι ημεις ουχ ευρησομεν αυτον μη εις την διασποραν των ελληνων μελλει πορευεσθαι και διδασκειν τους ελληνας
- 36 L'ap plede di: N'a chache m', men nou p'ap jwenn mwen. Nou pa ka vini kote mwen prale a. Kisa sa vle di menm?
What is this saying of his, You will be looking for me and will not see me, and where I am you may not come?
τις εστιν ουτος ο λογος ον ειπεν ζητησετε με και ουχ ευρησετε και οπου ειμι εγω υμεις ου δυνασθε ελθειν
- 37 ¶ Dènye jou fèt la, se li ki te pi enpòtan. Jou sa a, Jezi kanpe devan foul moun yo, li di yo byen fò: Si yon moun swaf dlo, li mèt vin jwenn mwen, li mèt vin bwè.
On the last day, the great day of the feast, Jesus got up and said in a loud voice, If any man is in need of drink let him come to me and I will give it to him.
εν δε τη εσχατη ημερα τη μεγαλη της εορτης εισηκει ο ιησους και εκραξεν λεγων εαν τις διψα ερχεσθω προς με και πινετω
- 38 Moun ki mete konfyans yo nan mwen, y'ap wè gwo kouran dlo k'ap bay lavi koule soti nan kè yo, jan sa ekri nan Liv la.
He who has faith in me, out of his body, as the Writings have said, will come rivers of living water.
ο πιστευων εις εμε καθως ειπεν η γραφη ποταμοι εκ της κοιλιας αυτου ρευσουσιν υδατος ζωντος
- 39 (Jezi t'ap pale ki jan moun ki kwè nan li yo tapral resevwa Sentespri. Lè sa a, Sentespri pa t' ankò desann sou pesonn, paske Jezi pa t' ankò moute nan syèl la.)
This he said of the Spirit which would be given to those who had faith in him: the Spirit had not been given then, because the glory of Jesus was still to come.
τουτο δε ειπεν περι του πνευματος ου εμελλον λαμβανειν οι πιστευοντες εις αυτον ουπω γαρ ην πνευμα αγιον οτι ο ιησους ουδεπω εδοξασθη
- 40 Te gen kèk moun nan foul pèp la, lè yo fin tandè pawòl sa yo, yo t'ap di konsa: Se vre wi. Nonm sa a, se pwofèt la!
When these words came to their ears, some of the people said, This is certainly the prophet.
πολλοι ουν εκ του οχλου ακουσαντες τον λογον ελεγον ουτος εστιν αληθως ο προφητης

- 41 Gen lòt ki t'ap di: Se Kris la. Gen lòt ankò ki t'ap di: Men, Kris la pa ka soti nan peyi Galile.
Others said, This is the Christ. But others said, Not so; will the Christ come from Galilee?
άλλοι ελεγον ουτος εστιν ο χριστος άλλοι δε ελεγον μη γαρ εκ της γαλιλαιας ο χριστος ερχεται
- 42 Liv la di: Kris la, se yon pitit pitit David la ye. Se Betleyèm li gen pou l' soti, lavil kote David te pase tout lavi li a.
Do not the Writings say that the Christ comes of the seed of David and from Beth-lehem, the little town where David was?
ουχι η γραφη ειπεν οτι εκ του σπερματος δαβιδ και απο βηθλεεμ της κωμης οπου ην δαβιδ ο χριστος ερχεται
- 43 Te vin gen divizyon nan mitan foul moun yo poutèt Jezi.
So there was a division among the people because of him.
σχισμα ουν εν τω οχλω εγενετο δι αυτον
- 44 Gen ladan yo ki te vle arete l', men pesonn pa t' mete men sou li.
And some of them had a desire to take him; but no man put hands on him.
τινες δε ηθελον εξ αυτων πιασαι αυτον αλλ ουδεις επεβαλεν επ αυτον τας χειρας
- 45 ¶ Lè gad yo tounen vin jwenn yo, chèf prèt yo ak farizyen yo mande yo: Poukisa nou pa mennen l' ban nou?
Then the servants went back to the chief priests and Pharisees, who said to them, Why have you not got him with you?
ηλθον ουν οι υπηρεται προς τους αρχιερεις και φαρισαιους και ειπον αυτοις εκεινοι διατι ουκ ηγαγετε αυτον
- 46 Gad yo reponn: Nou poko janm wè yon nonm ki pale tankou nonm sa a.
The servants made answer, No man ever said things like this man.
απεκριθησαν οι υπηρεται ουδεποτε ουτως ελαλησεν ανθρωπος ως ουτος ο ανθρωπος
- 47 Farizyen yo di: Gen lè nou kite l' pran tèt nou tou?
Then the Pharisees said to them, Have you, like the others, been given false ideas?
απεκριθησαν ουν αυτοις οι φαρισαιοι μη και υμεις πεπλανησθε
- 48 Eske nou wè gen yon sèl nan chèf nou yo osinon nan farizyen yo ki kwè nan li?
Have any of the rulers belief in him, or any one of the Pharisees?
μη τις εκ των αρχοντων επιστευσεν εις αυτον η εκ των φαρισαιων
- 49 Moun sa yo gen lè pa konn lalwa Moyiz la. Se moun ki gen madichon!
But these people who have no knowledge of the law are cursed.
αλλ ο οχλος ουτος ο μη γινωσκων τον νομον επικαταρατοι εισιν
- 50 Nikodèm te yonn nan farizyen ki te la yo. Se menm Nikodèm sa a ki te al wè Jezi kèk jou pase. Li di yo konsa:
Nicodemus--he who had come to Jesus before, being himself one of them--said to them,
λεγει νικοδημος προς αυτους ο ελθων νυκτος προς αυτον εις ων εξ αυτων
- 51 Dapre Lalwa nou, nou pa ka jije yon moun san nou pa tande l' anvan, san nou pa konnen sa l' fè.
Is a man judged by our law before it has given him a hearing and has knowledge of what he has done?
μη ο νομος ημων κρινει τον ανθρωπον εαν μη ακουση παρ αυτου προτερον και γνω τι ποιει
- 52 Yo reponn li: Gen lè, ou menm tou, ou se moun Galile? Al etidye sa ki ekri nan Liv la, wa wè pa gen pwofèt ki janm soti nan peyi Galile.
This was their answer: And do you come from Galilee? Make search and you will see that no prophet comes out of Galilee.
απεκριθησαν και ειπον αυτω μη και συ εκ της γαλιλαιας ει ερευνησον και ιδε οτι προφητης εκ της γαλιλαιας ουκ εηγερεται
- 53 Apre sa, tout moun al lakay yo.
[And every man went to his house;
και επορευθη εκαστος εις τον οικον αυτου
- 1 ¶ Jezi menm ale mòn Oliv.
But Jesus went to the Mountain of Olives.
ιησους δε επορευθη εις το ορος των ελαιων

- 2 Nan denmen maten, byen bonè, li tounen nan tanp lan. Tout foul moun yo pwoche bò kote li. Li chita, li pran moutre yo anpil bagay.
And early in the morning he came again into the Temple and all the people came to him and he was seated teaching them.
ορθρου δε παλιν παρεγενετο εις το ιερον και πας ο λαος ηρχετο προς αυτον και καθισας εδιδασκεν αυτους
- 3 Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo mennen yon fanm ba li. Yo te bare fanm lan nan adiltè. Yo mete l' kanpe devan tout foul moun yo,
Now the scribes and Pharisees came, with a woman who had been taken in the act of sinning against the married relation;
αγουσιν δε οι γραμματεις και οι φαρισαιοι προς αυτον γυναικα εν μοιχεια καταλημμενην και στησαντες αυτην εν μεσω
- 4 epi yo di Jezi konsa: Mèt, yo kenbe fanm sa a nan men ap fè adiltè.
And putting her forward, they said to him, Master, this woman has been taken in the very act of sinning against the married relation.
λεγουσιν αυτω διδασκαλε αυτη η γυνη καταληφθη επαυτοφωρω μοιχευομενη
- 5 Moyiz te bay lòd nan lalwa a pou yo touye yo lè konsa ak kout wòch. Men, ou menm, kisa ou di nan sa?
Now in the law Moses gave directions that such women were to be stoned; what do you say about it?
εν δε τω νομω μωσης ημιν ενετειλατο τας τοιαυτας λιθοβολεισθαι συ ουν τι λεγεις
- 6 Yo t'ap di sa, paske yo te vle pran l' nan pèlen pou yo te ka akize li. Men, Jezi bese atè. Epi, avèk dwèt li, li kòmanse ekri atè a.
They said this, testing him, so that they might have something against him. But Jesus, with his head bent down, made letters on the floor with his finger.
τουτο δε ελεγον πειραζοντες αυτον ινα εχωσιν κατηγορειν αυτου ο δε ιησους κατω κυψας τω δακτυλω εγραφεν εις την γην
- 7 Men, moun yo t'ap kouvri l' ak keksyon. Jezi leve atè a, li di yo: Se pou moun ki konnen li pa janm peche a ba l' premye kout wòch la.
But when they went on with their questions, he got up and said to them, Let him among you who is without sin be the first to send a stone at her.
ως δε επεμενον ερωτωντες αυτον ανακυψας ειπεν προς αυτους ο αναμαρτητος υμων πρωτος τον λιθον επ αυτη βαλετω
- 8 Apre sa, li bese atè a yon dezyèm fwa, li pran ekri ankò.
And again, with bent head, he made letters on the floor.
και παλιν κατω κυψας εγραφεν εις την γην
- 9 Lè yo tande pawòl sa yo, yonn apre lòt y' al fè wout yo. Premye moun ki te mete deyò se te sak te pi granmoun yo. Jezi rete pou kont li ak fanm lan ki te kanpe devan l'.
And when his words came to their ears, they went out one by one, starting with the oldest even to the last, because they were conscious of what was in their hearts: and Jesus was there by himself with the woman before him.
οι δε ακουσαντες και υπο της συνειδησεως ελεγχομενοι εξηρχοντο εις καθ εις αρξαμενοι απο των πρεσβυτερων εως των εσχατων και κατελειφθη μονος ο ιησους και η γυνη εν μεσω εστωσα
- 10 Lè sa a, li leve, li di fanm lan: Madanm, kote moun yo? Pesonn pa kondannen ou?
Then Jesus got up, and seeing nobody but the woman, he said to her, Where are the men who said things against you? did no one give a decision against you?
ανακυψας δε ο ιησους και μηδενα θεασαμενος πλην της γυναικος ειπεν αυτη η γυνη που εισιν εκεινοι οι κατηγοροι σου ουδεις σε κατεκρινεν
- 11 Li reponn: Pesonn non, Mèt. Jezi di li: Mwen menm tou, mwen pa kondannen ou. Ou mèt ale. Men, pa janm fè peche ankò.
And she said, No man, Lord. And Jesus said, And I do not give a decision against you: go, and never do wrong again.]
η δε ειπεν ουδεις κυριε ειπεν δε αυτη ο ιησους ουδε εγω σε κατακρινω πορευου και μηκετι αμαρτανε
- 12 ¶ Jezi pale ankò ak foul moun yo, li di: Se mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv mwen va gen limyè ki bay lavi a. Yo p'ap janm mache nan fènwa.
Then again Jesus said to them, I am the light of the world; he who comes with me will not be walking in the dark but will have the light of life.
παλιν ουν ο ιησους αυτοις ελαλησεν λεγων εγω ειμι το φως του κοσμου ο ακολουθον εμοι ου μη περιπατησει εν τη σκοτια αλλ εξει το φως της ζωης
- 13 Farizyen yo di li: Apa w'ap pale tèt pa ou byen? Sa w'ap di la a pa gen valè.
So the Pharisees said to him, The witness you give is about yourself: your witness is not true.
ειπον ουν αυτω οι φαρισαιοι συ περι σεαυτου μαρτυρεις η μαρτυρια σου ουκ εστιν αληθης
- 14 Jezi reponn yo: Menm si mwen t'ap pale tèt mwen byen, sa m'ap di a se verite, paske mwen konnen ki bò m' soti, mwen konnen ki bò m' prale. Men, nou menm, nou pa konnen ni ki bò m' soti, ni ki bò m' prale.
Jesus said in answer, Even if I give witness about myself, my witness is true, because I have knowledge of where I came from and where I am going; but you have no knowledge of where I come from or of where I am going.
απεκριθη ιησους και ειπεν αυτοις καν εγω μαρτυρω περι εμαυτου αληθης εστιν η μαρτυρια μου οτι οίδα ποθεν ηλθον και που υπαγω υμεις δε ουκ οιδατε ποθεν ερχομαι και που υπαγω

- 15 Nou menm, n'ap jije tankou lèzòm jije. Men, mwen menm mwen pa jije pesonn.
You are judging from what you see; I am judging no man.
 υμεις κατα την σαρκα κρινετε εγω ου κρινω ουδενα
- 16 Mentou, si yon lè mwen gen pou m' jije, m'ap jije byen dapre verite a, paske mwen p'ap jije pou kont mwen. Papa ki voye m' lan ap la avèk mwen.
Even if I am judging, my decision is right, because I am not by myself--with me is the Father who sent me.
 και εαν κρινω δε εγω η κρισις η εμη αληθης εστιν οτι μονος ουκ ειμι αλλ εγω και ο πεμψας με πατηρ
- 17 Nou jwenn sa ekri nan Lalwa nou an tou: Lè de temwen fè menm depoziyon an, sa yo di a vre.
Even in your law it is said that the witness of two men is true.
 και εν τω νομο δε τω υμετερω γεγραπται οτι δυο ανθρωπων η μαρτυρια αληθης εστιν
- 18 Mwen sèvi temwen pou tèt pa m'; Papa a ki voye m' lan sèvi m' temwen tou.
I give witness about myself and the Father who sent me gives witness about me.
 εγω ειμι ο μαρτυρων περι εμαντου και μαρτυρει περι εμου ο πεμψας με πατηρ
- 19 Yo mande li: Kote papa ou? Jezi reponn yo: Nou pa konnen mwen, nou pa konn Papa mwen. Si nou te konnen m', nou ta konnen Papa m' tou.
Then they said to him, Where is your Father? Jesus said in answer, You have no knowledge of me or of my Father: if you had knowledge of me you would have knowledge of my Father.
 ελεγον ουν αυτω που εστιν ο πατηρ σου απεκριθη ο ιησους ουτε εμε οιδατε ουτε τον πατερα μου ει εμε ηδαιτε και τον πατερα μου ηδαιτε αν
- 20 Jezi te nan tanp lan, kote yo mete bwat pou fè ofrann yo. Se la li t'ap di yo tout pawòl sa yo, li t'ap moutre moun yo anpil lòt bagay ankò. Men, pesonn pa t' mete men sou li, paske lè l' pa t' ankò rive.
Jesus said these words in the place where the offerings were stored, while he was teaching in the Temple: but no man took him because his time was still to come.
 ταυτα τα ρηματα ελαλησεν ο ιησους εν τω γαζοφυλακιω διδασκων εν τω ιερω και ουδεις επιασεν αυτον οτι ουπω εληλυθει η ωρα αυτου
- 21 ¶ Jezi di yo ankò: Mwen pral fè wout mwen. N'a chache m', men n'a mouri nan peche nou yo. Nou pa ka ale kote m' prale a.
Then he said to them again, I am going away and you will be looking for me, but death will overtake you in your sins. It is not possible for you to come where I am going.
 ειπεν ουν παλιν αυτοις ο ιησους εγω υπαγω και ζητησετε με και εν τη αμαρτια υμων αποθανεισθε οπου εγω υπαγω υμεις ου δυνασθε ελθειν
- 22 Jwif yo yonn di lòt: Gen lè li pral touye tèt li? Tande sa l'ap di: Nou pa ka ale kote l' prale a.
So the Jews said, Will he take his life? Is that why he says, Where I go it is not possible for you to come?
 ελεγον ουν οι ιουδαιοι μητι αποκτεινει εαυτον οτι λεγει οπου εγω υπαγω υμεις ου δυνασθε ελθειν
- 23 Jezi reponn yo: Nou soti anba, mwen menm mwen soti anwo. Nou se moun tè sa a, mwen menm mwen pa moun tè sa a.
And he said to them, You are of the earth; I am from heaven: you are of this world; I am not of this world.
 και ειπεν αυτοις υμεις εκ των κατω εστε εγω εκ των ανω ειμι υμεις εκ του κοσμου τουτου εστε εγω ουκ ειμι εκ του κοσμου τουτου
- 24 Se poutèt sa mwen di nou, n'ap mouri nan peche nou. Wi, nou gen pou n' mouri nan peche nou si nou pa kwè mwen se moun mwen ye a.
For this reason I said to you that death will overtake you in your sins: for if you have not faith that I am he, death will come to you while you are in your sins.
 ειπον ουν υμιν οτι αποθανεισθε εν ταις αμαρτιας υμων εαν γαρ μη πιστευσητε οτι εγω ειμι αποθανεισθε εν ταις αμαρτιας υμων
- 25 Yo mande li: Ki moun ou ye? Jezi reponn yo: Sa m' te di nou depi nan konmansman an.
Then they said to him, Who are you? Jesus said, What I said to you from the first.
 ελεγον ουν αυτω συ τις ει και ειπεν αυτοις ο ιησους την αρχην ο τι και λαλω υμιν
- 26 Mwen gen anpil bagay pou m' di sou nou, anpil bagay menm pou m' jije nan nou. Men, moun ki voye m' lan, se verite ase li di. Se sèlman sa m' pran nan bouch li m'ap anonse bay lèzòm ki sou latè.
I have much to say about you and against you: but he who sent me is true and what he has said to me I say to the world.
 πολλα εχω περι υμων λαλειν και κρινειν αλλ ο πεμψας με αληθης εστιν καγω α ηκουσα παρ αυτου ταυτα λεγω εις τον κοσμον
- 27 Yo pa t' konprann se sou Papa a li t'ap pale yo.
They did not see that his words were about the Father.
 ουκ εγνωσαν οτι τον πατερα αυτοις ελεγεν

- 28 Jezi di yo ankò: Lè n'a leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo, n'a konnen se mwen menmm ki li menm. Lè sa a, n'a konnen mwen pa fè anyen pou kont mwen. Se sèlman sa Papa a moutre m' mwen di.
 So Jesus said, When the Son of man has been lifted up by you, then it will be clear to you who I am, and that I do nothing of myself, but say as the Father gave me teaching.
 ειπεν ουν αυτοις ο ιησους οταν υψωσητε τον υιον του ανθρωπου τοτε γνωσεσθε οτι εγω ειμι και απ εμαντου ποιω ουδεν αλλα καθως εδιδαξεν με ο πατηρ μου ταυτα λαλω
- 29 Moun ki voye m' lan la avèk mwen. Li pa kite m' pou kont mwen paske mwen toujou fè sak fè l' plezi.
 He who sent me is with me; he has not gone from me, because at all times I do the things which are pleasing to him.
 και ο πεμψας με μετ εμου εστιν ουκ αφηκεν με μονον ο πατηρ οτι εγω τα αρεστα αυτω ποιω παντοτε
- 30 Anpil moun ki te tandè Jezi pale konsa te kwè nan li.
 When he said this a number came to have faith in him.
 ταυτα αυτου λαλουντος πολλοι επιστευσαν εις αυτον
- 31 ¶ Jezi di jwif ki te kwè nan li yo: Si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou se disip mwen vre.
 Then Jesus said to the Jews who had faith in him, If you keep my word, then you are truly my disciples;
 ελεγεν ουν ο ιησους προς τους πεπιστευκοτας αυτω ιουδαιους εαν υμεις μεινητε εν τω λογω τω εμω αληθως μαθηται μου εστε
- 32 N'a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou.
 And you will have knowledge of what is true, and that will make you free.
 και γνωσεσθε την αληθειαν και η αληθεια ελευθερωσει υμας
- 33 Yo di li: Nou se pitit pitit Abraram. Nou pa janm esklav pesonn. Ki jan ou ka fè di nou: N'a gen libète nou?
 They said to him in answer, We are Abraham's seed and have never been any man's servant: why do you say, You will become free?
 απεκριθησαν αυτω σπερμα αβρααμ εσμεν και ουδενι δεδουλευκαμεν ποποτε πως συ λεγεις οτι ελευθεροι γενησεσθε
- 34 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye.
 And this was the answer Jesus gave them: Truly I say to you, Everyone who does evil is the servant of sin.
 απεκριθη αυτοις ο ιησους αμην αμην λεγω υμιν οτι πας ο ποιων την αμαρτιαν δουλος εστιν της αμαρτιας
- 35 Yon esklav pa fè pati moun kay la pou tout tan. Men, yon pitit fè pati moun kay la pou tout tan.
 Now the servant does not go on living in the house for ever, but the son does.
 ο δε δουλος ου μνει εν τη οικια εις τον αιωνα ο υιος μνει εις τον αιωνα
- 36 Si Pitit Bondye a ban nou libète, n'a lib tout bon.
 If then the son makes you free, you will be truly free.
 εαν ουν ο υιος υμας ελευθερωση οντως ελευθεροι εσεσθε
- 37 Wi, mwen konnen se pitit pitit Abraram nou ye vre. Men, n'ap chache touye m' paske nou pa asepte sa m'ap moutre nou.
 I am conscious that you are Abraham's seed; but you have a desire to put me to death because my word has no place in you.
 οίδα οτι σπερμα αβρααμ εστε αλλα ζητειτε με αποκτειναι οτι ο λογος ο εμος ου χωρει εν υμιν
- 38 ¶ M'ap di nou sa Papa m' moutre mwen. Men nou menm, n'ap fè sa papa pa nou di nou fè.
 I say the things which I have seen in my Father's house: and you do the things which come to you from your father's house.
 εγω ο εωρακα παρα τω πατρι μου λαλω και υμεις ουν ο εωρακατε παρα τω πατρι υμων ποιειτε
- 39 Yo reponn li: Men, papa nou se Abraram. Jezi di yo: Si nou te pitit Abraram tout bon, nou ta fè sa li menm li te fè.
 In answer they said to him, Our father is Abraham. Jesus said to them, If you were Abraham's children you would do what Abraham did.
 απεκριθησαν και ειπον αυτω ο πατηρ ημων αβρααμ εστιν λεγει αυτοις ο ιησους ει τεκνα του αβρααμ ητε τα εργα του αβρααμ ποιειτε αν
- 40 Gade koulè a, m'ap di nou verite a jan Bondye te moutre m' li, atousa n'ap chache touye mwen. Abraram pa janm fè bagay konsa.
 But now you have a desire to put me to death, a man who has said to you what is true, as I had it from God: Abraham did not do that.
 νυν δε ζητειτε με αποκτειναι ανθρωπον ος την αληθειαν υμιν λελαληκα ην ηκουσα παρα του θεου τουτο αβρααμ ουκ εποιησεν
- 41 Men nou menm, n'ap fè sa papa nou ap fè. Yo reponn li: Nou pa pitit deyò non. Nou gen yon sèl papa, se Bondye.
 You are doing the works of your father. They said to him, We are true sons of Abraham; we have one Father, who is God.
 υμεις ποιειτε τα εργα του πατρος υμων ειπον ουν αυτω ημεις εκ πορνειας ου γεγεννημεθα ενα πατερα εχομεν τον θεον

- 42 Jezi di yo: Si Bondye te papa nou vre, nou ta renmen mwen. Paske, mwen soti bò kot Bondye. Se li menm ki voye m' isit la. Mwen pa vini pou kont mwen. Se li menm menm ki voye mwen.
Jesus said to them, If God was your Father you would have love for me, because it was from God I came and am here. I did not come of myself, but he sent me.
 ειπεν ουν αυτοις ο ιησους ει ο θεος πατηρ υμων ην ηγαπατε αν εμε εγω γαρ εκ του θεου εξηλθον και ηκω ουδε γαρ απ εμαυτου εληλυθα αλλ εκεινος με απεστειλεν
- 43 Poukisa nou pa konprann sa m'ap di nou la a? Paske nou pa kapab tande pawòl mwen yo.
Why are my words not clear to you? It is because your ears are shut to my teaching.
 διατι την λαλιαν την εμην ου γινωσκετε οτι ου δυνασθε ακουειν τον λογον τον εμον
- 44 Se Satan ki papa nou. Se sak fè nou vle fè sa papa nou vle. Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun. Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li. Depi l' louvri bouch li, se manti l'ap bay paske sè mantò li ye. Se papa nan bay manti li ye.
You are the children of your father the Evil One and it is your pleasure to do his desires. From the first he was a taker of life; and he did not go in the true way because there is no true thing in him. When he says what is false, it is natural to him, for he is false and the father of what is false.
 υμεις εκ πατρος του διαβολου εστε και τας επιθυμιας του πατρος υμων θελετε ποιειν εκεινος ανθρωποκτονος ην απ αρχης και εν τη αληθεια ουχ εστηκεν οτι ουκ εστιν αληθεια εν αυτω οταν λαλη το ψευδος εκ των ιδιων λαλει οτι ψευστης εστιν και ο πατηρ αυτου
- 45 Men mwen menm, mwen pale verite a. Se poutèt sa nou pa vle kwè mwen.
But because I say what is true, you have no belief in me.
 εγω δε οτι την αληθειαν λεγω ου πιστευετε μοι
- 46 ¶ Kilès nan nou ki ka bay prèn mwen fè peche? Si sa m' di a se vre, poukisa nou pa kwè mwen?
Which of you is able truly to say that I am a sinner? If I say what is true, why have you no belief in me?
 τις εξ υμων ελεγει με περι αμαρτιας ει δε αληθειαν λεγω διατι υμεις ου πιστευετε μοι
- 47 Tout moun ki moun Bondye, yo koute pawòl Bondye. Men nou menm, nou pa moun Bondye. Se sak fè nou pa vle koute.
He who is a child of God gives ear to the words of God: your ears are not open to them because you are not from God.
 ο ον εκ του θεου τα ρηματα του θεου ακουει δια τουτο υμεις ουκ ακουετε οτι εκ του θεου ουκ εστε
- 48 Jwif yo reponn li: Nou te gen rezon lè n' t'ap di se moun Samari ou ye. Ou gen yon move lespri sou ou.
The Jews said to him in answer, Are we not right in saying that you are of Samaria and have an evil spirit?
 απεκριθησαν ουν οι ιουδαιοι και ειπον αυτω ου καλωσ λεγομεν ημεις οτι σαμαρειτης ει συ και δαιμονιον εχεις
- 49 Jezi di yo: Mwen pa gen okenn move lespri sou mwen. M'ap fè respe Papa mwen. Men nou menm, se derespekte n'ap derespekte mwen.
And this was the answer of Jesus: I have not an evil spirit; but I give honour to my Father and you do not give honour to me.
 απεκριθη ιησους εγω δαιμονιον ουκ εχω αλλα τιμω τον πατερα μου και υμεις ατιμαζετε με
- 50 Mwen p'ap chache lwanj pou tèt pa mwen. Gen yon moun k'ap chache l' pou mwen. Se li menm tou k'ap jije nou.
I, however, am not in search of glory for myself: there is One who is searching for it and he is judge.
 εγω δε ου ζητω την δοξαν μου εστιν ο ζητων και κρινων
- 51 ¶ Sa m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki fè tou sa mwen di l' fè, li p'ap janm mourì.
Truly I say to you, If a man keeps my word he will never see death.
 αμην αμην λεγω υμιν εαν τις τον λογον τον εμον τηρηση θανατον ου μη θεωρηση εις τον αιωνα
- 52 Jwif yo di li: Koulye a, nou sèten ou gen yon move lespri sou ou. Abraram mourì. Pwofèt yo mourì tou. Epi ou menm, w'ap di: O wi, moun ki fè tou sa m' di l' fè, li p'ap janm mourì.
The Jews said to him, Now we are certain that you have an evil spirit. Abraham is dead, and the prophets are dead; and you say, If a man keeps my word he will never see death.
 ειπον ουν αυτω οι ιουδαιοι νυν εγνωκαμεν οτι δαιμονιον εχεις αβρααμ απεθανεν και οι προφηται και συ λεγεις εαν τις τον λογον μου τηρηση ου μη γευσεται θανατου εις τον αιωνα
- 53 Abraram ki Abraram zansèt nou, li mourì. Koulye a, ou prèt pou di nou ou pi gran pase li? Pwofèt ki pwofèt yo mourì. Sa ou konprann ou ye menm?
Are you greater than our father Abraham, who is dead? and the prophets are dead: who do you say that you are?
 μη συ μειζων ει του πατρος ημων αβρααμ οστις απεθανεν και οι προφηται απεθανον τινα σεαυτον συ ποιεις
- 54 Jezi reponn yo: Si m' t'ap fè lwanj tèt mwen, lwanj sa a pa ta vo anyen. Moun k'ap fè lwanj mwen se Papa m', moun nou pretann di ki Bondye nou an.
Jesus said in answer, If I take glory for myself, my glory is nothing: it is my Father who gives me glory, of whom you say that he is your God.
 απεκριθη ιησους εαν εγω δοξαζω εμαυτον η δοξα μου ουδεν εστιν ο πατηρ μου ο δοξαζων με ον υμεις λεγετε οτι θεος υμων εστιν

- 55 Nou pa konnen li. Men mwen menm, mwen konnen li. Si pou m' ta di mwen pa konnen li, mwen ta bay manti tankou nou. Men, mwen konnen l' epi m'ap fè tou sa li di m' fè.
 You have no knowledge of him, but I have knowledge of him; and if I said I have no knowledge of him I would be talking falsely like you: but I have full knowledge of him, and I keep his word.
 και ουκ εγνωκατε αυτον εγω δε οίδα αυτον και εαν ειπω οτι ουκ οίδα αυτον εσομαι ομοιος υμων ψευστης αλλ οίδα αυτον και τον λογον αυτου τηρω
- 56 Abraram papa nou te kontan, paske li te anvi wè jou m' lan rive. Li wè li. Sa te fè kè l' kontan nèt.
 Your father Abraham was full of joy at the hope of seeing my day: he saw it and was glad.
 αβρααμ ο πατηρ υμων ηγαλλιασατο ινα ιδη την ημεραν την εμην και ειδεν και εχαρη
- 57 Jwif yo di li: Ou poko gen senkant, epi w'ap di ou te wè Abraram?
 Then the Jews said to him, You are not fifty years old; have you seen Abraham?
 ειπον ουν οι ιουδαιοι προς αυτον πενητηκοντα ετη ουπω εχεις και αβρααμ εωρακας
- 58 Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Abraram pa t' ankò fèt, mwen menm, mwen te la deja.
 Jesus said to them, Truly I say to you, Before Abraham came into being, I am.
 ειπεν αυτοις ο ιησους αμην αμην λεγω υμιν πριν αβρααμ γενεσθαι εγω ειμι
- 59 Lè sa a, yo ranmase wòch pou kalonnen li. Men, Jezi kache kò l' yon kote epi li soti nan tanp lan.
 So they took up stones to send at him: but Jesus got secretly out of their way and went out of the Temple.
 ηραν ουν λιθους ινα βαλωσιν επ αυτον ιησους δε εκρυβη και εξηλθεν εκ του ιερου διελθων δια μεσου αυτων και παρηγεν ουτως
- 1 ¶ Jezi t'ap pase yon kote konsa lè l' wè yon nonm ki te avèg depi li te fèt.
 And when he went on his way, he saw a man blind from birth.
 και παραγων ειδεν ανθρωπον τυφλον εκ γενετης
- 2 Disip li yo mande li: Mèt, poukisa nonm sa a te fèt tou avèg en? Se peche pa l' osinon peche manman l' ak papa l' ki lakòz sa?
 And his disciples put a question to him, saying, Master, was it because of this man's sin, or the sin of his father and mother, that he has been blind from birth?
 και ηρωτησαν αυτον οι μαθηται αυτου λεγοντες ραββι τις ημαρτεν ουτος η οι γονεις αυτου ινα τυφλος γεννηθη
- 3 Jezi reponn yo: Se pa ni peche pa l' ni peche manman l' ak papa l' ki lakòz sa. Li fèt avèg, se pou moun ka wè sa pouvwa Bondye a ka fè nan li.
 Jesus said in answer, It was not because of his sin, or because of his father's or mother's; it was so that the works of God might be seen openly in him.
 απεκριθη ο ιησους ουτε ουτος ημαρτεν ουτε οι γονεις αυτου αλλ ινα φανερωθη τα εργα του θεου εν αυτω
- 4 Toutotan fè klè toujou, se pou m' fè travay moun ki voye m' lan ban m' fè a. Talè konsa pral fè nwit, pesonn p'ap ka travay.
 While it is day we have to do the works of him who sent me: the night comes when no work may be done.
 εμε δει εργαζεσθαι τα εργα του πεμψαντος με εως ημερα εστιν ερχεται νυξ οτε ουδεις δυναται εργαζεσθαι
- 5 Toutotan mwen la sou latè, mwen se limyè k'ap klere tout moun ki sou latè.
 As long as I am in the world, I am the light of the world.
 οταν εν τω κοσμω ω φως ειμι του κοσμου
- 6 Apre li fin di pawòl sa yo, Jezi krache atè, li fè yon ti labou ak krache a, li fwote je nonm lan avèk labou a.
 Having said these words, he put earth, mixed with water from his mouth, on the man's eyes,
 ταυτα ειπων επτυσεν χημαι και εποιησεν πηλον εκ του πτυσματος και επεχρισεν τον πηλον επι τους οφθαλμους του τυφλου
- 7 Li di l' konsa: Al lave figi ou nan gwo basen Siloe a. (Mo Siloe sa a vle di: Moun yo te voye a.) Avèg la ale, li lave figi li. Lè l' tounen, li te ka wè nan tou de je l' yo.
 And said to him, Go and make yourself clean in the bath of Siloam (the sense of the name is, Sent). So he went away and, after washing, came back able to see.
 και ειπεν αυτω υπαγε νησαι εις την κολυμβηθραν του σιλωαμ ο ερμηνευεται απεσταλμενος απηλθεν ουν και ενιψατο και ηλθεν βλεπων
- 8 ¶ Moun ki te rete bò lakay li yo ansanm ak tout moun ki te konn wè l' ap mande charite anvan sa, yo tout t'ap di: Apa nonm ki te konn chita ap mande charite a!
 Then the neighbours and others who had seen him before in the street, with his hand out for money, said, Is not this the man who got money from people?
 οι ουν γειτονες και οι θεωρουντες αυτον το προτερον οτι τυφλος ην ελεγον ουχ ουτος εστιν ο καθημενος και προσαιτων
- 9 Gen moun ki t'ap di: Se li menm wi. Gen lòt ki t'ap di tou: Non. Se pa li. Men, li sanble l' anpil. Lè sa a nonm lan di yo: Se mwen menm menm.
 Some said, It is he: others said, No, but he is like him. He said, I am he.
 αλλοι ελεγον οτι ουτος εστιν αλλοι δε οτι ομοιος αυτω εστιν εκεινος ελεγεν οτι εγω ειμι

- 10 Yo mande li: Ki jan ou fè wè nan je ou yo?
So they said to him, How then were your eyes made open?
ελεγον ουν αυτω πως ανεωχθησαν σου οι οφθαλμοι
- 11 Li reponn yo: Nonm yo rele Jezi a fè yon ti labou, li fwote je m' ak labou a, epi li di m' al lave figi m' nan basen Siloe a. m' ale. Lè m' fin lave figi m', mwen wè m' wè.
His answer was: The man who is named Jesus put earth mixed with water on my eyes, and said to me, Go and make yourself clean in Siloam: so I went away and, after washing, am now able to see.
απεκριθη εκεινος και ειπεν ανθρωπος λεγομενος ιησους πηλον ποιησεν και επεχρισεν μου τους οφθαλμους και ειπεν μοι υπαγε εις την κολουμβηθραν του σιλωαμ και νιψαι απελθων δε και νιψαμενος ανεβλεψα
- 12 Yo mande li: Kote nonm sa a? Li reponn yo: Mwen pa konnen non.
And they said to him, Where is he? His answer was: I have no knowledge.
ειπον ουν αυτω που εστιν εκεινος λεγει ουκ οιδα
- 13 ¶ Yo pran nonm ki te avèg la, yo mennen l' bay farizyen yo.
They took him before the Pharisees--this man who had been blind.
αγουσιν αυτον προς τους φαρισαιους τον ποτε τυφλον
- 14 Se te yon jou repo Jezi te fè labou a pou louvri je l' yo.
Now the day on which the earth was mixed by Jesus and the man's eyes were made open was the Sabbath.
ην δε σαββατον οτε τον πηλον ποιησεν ο ιησους και ανεωξεν αυτου τους οφθαλμους
- 15 Se poutèt sa, farizyen yo tou, yo mande nonm lan sak te pase ki te fè l' ka wè koulye a. Li di yo: Li mete ti kras labou sou je m' yo, lèfini mwen lave figi mwen. Se konsa, koulye a mwen wè.
So the Pharisees put more questions to him about how his eyes had been made open. And he said to them, He put earth on my eyes, and I had a wash and am able to see.
παλιν ουν ηρωτων αυτον και οι φαρισαιοι πως ανεβλεψεν ο δε ειπεν αυτοις πηλον επεθηκεν επι τους οφθαλμους μου και ενιψαμην και βλεπω
- 16 Te gen de twa nan farizyen yo ki t'ap di: Nonm ki fè sa a pa ka soti nan Bondye. Li pa obeyi lalwa repo a. Men, gen lòt ki t'ap di: Ki jan yon nonm k'ap fè sa ki mal kapab fè yon mirak konsa? Te vin gen divizyon nan mitan yo.
Then some of the Pharisees said, That man has not come from God, for he does not keep the Sabbath. Others said, How is it possible for a sinner to do such signs? So there was a division among them.
ελεγον ουν εκ των φαρισαιων τινες ουτος ο ανθρωπος ουκ εστιν παρα του θεου οτι το σαββατον ου τηρει αλλοι ελεγον πως δυναται ανθρωπος αμαρτωλος τοιαυτα σημεια ποιειν και σχισμα ην εν αυτοις
- 17 Farizyen yo mande nonm ki te avèg la: Ou menm, dapre ou, nonm ki louvri je ou yo, ki moun li ye? Li reponn: Se yon pwofèt li ye.
Again they said to the blind man, What have you to say about him for opening your eyes? And he said, He is a prophet.
λεγουσιν τω τυφλω παλιν συ τι λεγεις περι αυτου οτι ηνοιξεν σου τους οφθαλμους ο δε ειπεν οτι προφητης εστιν
- 18 Men, jwif yo pa t' vle kwè li te avèg anvan sa. Yo fè chache papa l' ak manman l' pou poze yo kekzyon.
Now the Jews had no belief in the statement that he had been blind and was now able to see, till they sent for the father and mother of the man whose eyes had been made open,
ουκ επιστευσαν ουν οι ιουδαιοι περι αυτου οτι τυφλος ην και ανεβλεψεν εως οτου εφωνησαν τους γονεις αυτου του αναβλεψαντος
- 19 Yo mande yo: Eske nonm sa a se pitit gason nou an vre? Eske se vre li te fèt avèg? Sak pase l' ki fè li wè koulye a?
And put the question to them, saying, Is this your son, of whom you say that he was blind at birth? how is it then that he is now able to see?
και ηρωτησαν αυτους λεγοντες ουτος εστιν ο υιος υμων ον υμεις λεγετε οτι τυφλος εγεννηθη πως ουν αρτι βλεπει
- 20 Papa a ak manman an reponn yo: Nou konnen se pitit gason nou li ye, li te fèt avèg.
In answer his father and mother said, We are certain that this is our son and that he was blind at birth:
απεκριθησαν αυτοις οι γονεις αυτου και ειπον οιδαμεν οτι ουτος εστιν ο υιος ημων και οτι τυφλος εγεννηθη
- 21 Men, nou pa konnen sak pase l' ki fè l' wè koulye a. Nou pa konnen tou ki moun ki louvri je li. Nou mèt mande li. li ase gran konsa. Li ka reponn li menm.
But how it is he is now able to see, or who made his eyes open, we are not able to say: put the question to him; he is old enough to give an answer for himself.
πως δε νυν βλεπει ουκ οιδαμεν η τις ηνοιξεν αυτου τους οφθαλμους ημεις ουκ οιδαμεν αυτος ηλικιαν εχει αυτον ερωτησατε αυτος περι αυτου λαλησει
- 22 Papa a ak manman an te pale konsa paske yo te pè jwif yo. Paske, jwif yo te tonbe dakò sou pwèn sa a: Tout moun ki ta di Jezi se Kris la, yo t'ap mete yo deyò nan sinagòg la.
They said this because of their fear of the Jews: for the Jews had come to an agreement that if any man said that Jesus was the Christ he would be put out of the Synagogue.
ταυτα ειπον οι γονεις αυτου οτι εφοβουντο τους ιουδαιους ηδη γαρ συνετεθειντο οι ιουδαιοι ινα εαν τις αυτον ομολογηση χριστον αποσυναγωγος γενηται

- 23 Se poutèt sa papa l' ak manman l' te di: li ase gran, li ka reponn li menm. Nou mèt mande li.
That was the reason why they said, He is old enough; put the question to him.
δια τουτο οι γονεις αυτου ειπον οτι ηλικιαν εχει αυτον ερωτησατε
- 24 Farizyen yo rele nonm ki te avèg la yon dezyèm fwa. Yo di li: Di verite a devan Bondye. Nou konnen nonm sa a se yon nonm k'ap fè sa ki mal.
So they sent a second time for the man who had been blind and they said to him, Give glory to God: it is clear to us that this man is a sinner.
εφωνησαν ουν εκ δευτερου τον ανθρωπον ος ην τυφλος και ειπον αυτω δοξ αν θεω ημεις οιδαμεν οτι ο ανθρωπος ουτος αμαρτωλος εστιν
- 25 Li reponn yo: Mwen pa konnen si se yon moun k'ap fè sa ki mal osinon sa ki byen. Yon sèl bagay mwen konnen: mwen te avèg, koulye a mwen wè.
He said in answer, I have no knowledge if he is a sinner or not, but one thing I am certain about; I was blind, and now I see.
απεκριθη ουν εκεινος και ειπεν ει αμαρτωλος εστιν ουκ οίδα εν οίδα οτι τυφλος ων αρτι βλεπω
- 26 Yo mande li: Men, kisa l' te fè? Ki jan l' te fè pou louvri je ou yo?
Then they said to him, What did he do to you? how did he give you the use of your eyes?
ειπον δε αυτω παλιν τι εποιησεν σοι πως ηνοιξεν σου τους οφθαλμους
- 27 Li reponn yo: Mwen deja di nou ki jan, men nou pa t'ap koute. Poukisa nou vle m' redi l' ankò? Gen lè, nou menm tou, nou ta renmen tounen disip li?
His answer was: I have said it before, but your ears were shut: why would you have me say it again? is it your desire to become his disciples?
απεκριθη αυτοις ειπον υμιν ηδη και ουκ ηκουσατε τι παλιν θελετε ακουειν μη και υμεις θελετε αυτου μαθηται γενεσθαι
- 28 Yo joure l', yo di l' konsa: Se ou menm ki disip li! Nou menm, nou se disip Moyiz.
And they were angry with him and said, You are his disciple, but we are disciples of Moses.
ελουδορησαν ουν αυτον και ειπον συ ει μαθητης εκεινου ημεις δε του μωσεως εσμεν μαθηται
- 29 Nou konnen Bondye te pale ak Moyiz. Men, li menm, nou pa menm konnen ki bò l' soti.
We are certain that God gave his word to Moses: but as for this man, we have no knowledge where he comes from.
ημεις οιδαμεν οτι μωση λελαληκεν ο θεος τουτον δε ουκ οιδαμεν ποθεν εστιν
- 30 Nonm lan reponn yo: Ala bagay dwòl en! Nou pa konnen ki bò l' soti? Epi, se li menm ki louvri je m' yo!
The man said in answer, Why, here is a strange thing! You have no knowledge where he comes from though he gave me the use of my eyes.
απεκριθη ο ανθρωπος και ειπεν αυτοις εν γαρ τουτω θαυμαστον εστιν οτι υμεις ουκ οιδατε ποθεν εστιν και ανεωξεν μου τους οφθαλμους
- 31 Nou tout nou konnen sa: Bondye pa tande lè se yon moun k'ap fè sa ki mal ki pale avè li. Men, se pa menm bagay lè se yon moun ki respekte l', yon moun ki fè volonte l' k'ap pale avè li.
We have knowledge that God does not give ear to sinners, but if any man is a worshipper of God and does his pleasure, to him God's ears are open.
οιδαμεν δε οτι αμαρτωλων ο θεος ουκ ακουει αλλ εαν τις θεοσεβης η και το θελημα αυτου ποιη τουτου ακουει
- 32 Nou poko janm tande yo fè yon moun ki fèt avèg wè.
In all the years nobody has ever before seen the eyes of a man blind from birth made open.
εκ του αιωνος ουκ ηκουσθη οτι ηνοιξεν τις οφθαλμους τυφλου γεγεννημενου
- 33 Si nonm sa a pa t' soti nan Bondye, li pa ta ka fè anyen.
If this man did not come from God he would be unable to do anything.
ει μη ην ουτος παρα θεου ουκ ηδυνατο ποιειν ουδεν
- 34 Yo reponn li: Se nan peche ou fèt, epi ou konprann pou ou vin ban nou leson koulye a? Epi yo mete l' deyò nan sinagòg la.
Their answer was: You came to birth through sin; do you make yourself our teacher? And they put him out of the Synagogue.
απεκριθησαν και ειπον αυτω εν αμαρτιας συ εγεννηθης ολος και συ διδασκεις ημας και εξεβαλον αυτον εξω
- 35 ¶ Jezi te vin konnen yo te mete nonm ki te avèg la deyò nan sinagòg la. Lè li kontre avè l', li di l' konsa: Eske ou kwè nan Moun Bondye voye nan lachè a?
It came to the ears of Jesus that they had put him out, and meeting him he said, Have you faith in the Son of man?
ηκουσεν ο ιησους οτι εξεβαλον αυτον εξω και ευρων αυτον ειπεν αυτω συ πιστευεις εις τον υιον του θεου
- 36 Nonm lan reponn li: Mèt, di m' ki moun li ye pou m' ka kwè nan li?
He said in answer, And who is he, Lord? Say, so that I may have faith in him.
απεκριθη εκεινος και ειπεν τις εστιν κυριε ινα πιστευσω εις αυτον

- 37 Jezi reponn li: Apa w'ap gade li! Se li menm k'ap pale avè ou la a wi.
Jesus said to him, You have seen him; it is he who is talking to you.
 ειπεν δε αυτοσ ο ιησους και εωρακας αυτον και ο λαλων μετα σου εκεινος εστιν
- 38 Nonm lan di: Seyè, mwen kwè. Epi li tonbe ajenou devan Jezi.
And he said, Lord, I have faith. And he gave him worship.
 ο δε εφη πιστευω κυριε και προσεκυνησεν αυτω
- 39 ¶ Lè sa a, Jezi di: Mwen vin sou tè a pou yon jijman: Moun ki avèg yo pral wè. Men moun ki wè yo pral tounen avèg.
And Jesus said, I came into this world to be a judge, so that those who do not see may see, and those who see may become blind.
 και ειπεν ο ιησους εις κριμα εγω εις τον κοσμον τουτον ηλθον ινα οι μη βλεποντες βλεπωσιν και οι βλεποντες τυφλοι γενωνται
- 40 Te gen kèk farizyen la avèk li. Lè yo tande pawòl sa yo, yo mande l': Eske nou menm tou, nou avèg?
These words came to the ears of the Pharisees who were with him and they said to him, Are we, then, blind?
 και ηκουσαν εκ των φαρισαιων ταυτα οι οντες μετ αυτου και ειπον αυτω μη και ημεις τυφλοι εσμεν
- 41 Jezi reponn yo: Si nou te avèg, nou pa ta koupab. Men, n'ap plede di nou wè, nou wè. Se poutèt sa nou antò toujou.
Jesus said to them, If you were blind you would have no sin: but now that you say, We see; your sin is there still.
 ειπεν αυτοις ο ιησους ει τυφλοι ητε ουκ αν ειχατε αμαρτιαν νυν δε λεγετε οτι βλεπομεν η ουν αμαρτια υμων μενει
- 1 ¶ Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki pa pase nan pòt la pou antre nan pak mouton an, men ki eskalade lantouraj la pou antre nan pak la yon lòt kote, moun sa a se yon vòlè, yon piyajè.
Truly I say to you, He who does not go through the door into the place where the sheep are kept, but gets in by some other way, is a thief and an outlaw.
 αμην αμην λεγω υμιν ο μη εισερχομενος δια της θυρας εις την αυλην των προβατων αλλα αναβαινων αλλαχοθεν εκεινος κλεπτης εστιν και ληστης
- 2 Men, moun ki pase nan pòt la, se gadò mouton yo li ye.
He who goes in by the door is the keeper of the sheep.
 ο δε εισερχομενος δια της θυρας ποιμην εστιν των προβατων
- 3 Moun k'ap veye pòt la louvri l' pou li. Tout mouton yo rekonèt vwa li. Li rele tout mouton l' yo, li ba yo chak non yo, li mennen yo deyò.
The porter lets him in; and the sheep give ear to his voice; he says over the names of the sheep, and takes them out.
 τουτω ο θυρωρος ανοιγει και τα προβατα της φωνης αυτου ακουει και τα ιδια προβατα καλει κατ ονομα και εξαγει αυτα
- 4 Lè li fin fè yo tout soti, li mache devan yo; tout mouton yo swiv li paske yo konnen vwa li.
When he has got them all out, he goes before them, and the sheep go after him, for they have knowledge of his voice.
 και οταν τα ιδια προβατα εκβαλη εμπροσθεν αυτων πορευεται και τα προβατα αυτω ακολουθει οτι οιδασιν την φωνην αυτου
- 5 Men, yo p'ap swiv yon moun yo pa konnen. Okontrè, y'ap kouri byen lwen pou li paske yo pa rekonèt vwa li.
They will not go after another who is not their keeper, but will go from him in flight, because his voice is strange to them.
- 4 Jezi menm ki te konnen sa ki te pou rive l' la, mache sou yo, li mande yo: Ki moun n'ap chache?
 Then Jesus, having knowledge of everything which was coming on him, went forward and said to them, Who are you looking for?
 ιησους ουν ειδως παντα τα ερχομενα επ αυτον εξελθων ειπεν αυτοις τινα ζητειτε
- 5 Yo reponn li: Jezi, nonm Nazarèt la. Jezi di yo: Se mwen. Jida, nonm ki t'ap trayi l' la, te la avèk yo.
 Their answer was, Jesus the Nazarene. Jesus said, I am he. And Judas, who was false to him, was there at their side.
 απεκριθησαν αυτω ιησουν τον ναζωραιον λεγει αυτοις ο ιησους εγω εμι ειστηκει δε και ιουδας ο παραδιδους αυτον μετ αυτων
- 6 Lè Jezi di yo: Se mwen, yo renka kò yo dèyè, yo tonbe atè.
 And when he said to them, I am he, they went back, falling to the earth.
 ως ουν ειπεν αυτοις οτι εγω εμι απηλθον εις τα οπισω και επεσον χαμαι
- 7 Lè sa a, Jezi mande yo ankò: Ki moun n'ap chache? Yo di l': Jezi, nonm Nazarèt la.
 So again he put the question to them, Who are you looking for? And they said, Jesus the Nazarene.
 παλιν ουν αυτοους επηρωτησεν τινα ζητειτε οι δε ειπον ιησουν τον ναζωραιον

- 8 Jezi reponn yo: Mwen pa deja di nou se mwen menm. Si se mwen n'ap chache, kite lòt mesye sa yo al fè wout yo.
Jesus made answer, I have said that I am he; if you are looking for me, let these men go away.
απεκριθη ο ιησους ειπον υμιν οτι εγω ειμι ει ουν εμε ζητειτε αφετε τουτους υπαγειν
- 9 Se konsa pawòl li te di a rive vre: Nan tout moun ou te ban mwen yo, Papa, yonn menm pa pèdi.
(He said this so that his words might come true, I have kept safe all those whom you gave to me.)
ινα πληρωθη ο λογος ον ειπεν οτι ους δεδωκας μοι ουκ απολεσα εξ αυτων ουδενα
- 10 Simon Pyè te gen yon nepe sou li, li rale l', li frape domestik granprèt la, li sote zòrèy dwat li. (Yo te rele domestik la Malkis.)
Then Simon Peter, who had a sword, took it out and gave the high priest's servant a blow, cutting off his right ear. The servant's name was Malchus.
σιμων ουν πετρος εχων μαχαιραν ειλκυσεν αυτην και επαισεν τον του αρχιερεως δουλον και απεκοψεν αυτου το ωτιον το δεξιον ην δε ονομα τω δουλω μαλχος
- 11 Men, Jezi di Pyè konsa: Mete nepe ou la nan djenn li. Eske se pa pou m' bwè gode soufrans Papa a ban m' bwè a?
Then Jesus said to Peter, Put back your sword: am I not to take the cup which my Father has given to me?
ειπεν ουν ο ιησους τω πετρω βαλε την μαχαιραν σου εις την θηκην το ποτηριον ο δεδωκεν μοι ο πατηρ ου μη πιω αυτο
- 12 Kolonn sòlda yo, kòmandan an ansanm ak gad jwif yo mete men sou Jezi, yo mare li.
Then the band and the chief captain and the police took Jesus and put cords round him.
η ουν σπειρα και ο χιλιαρχος και οι υπηρεται των ιουδαιων συνελαβον τον ιησουν και εδησαν αυτον
- 13 ¶ Premye kote yo mennen l', se kay An. An te bòpè Kayif ki te granprèt pou lanne a.
They took him first to Annas, because Annas was the father-in-law of Caiaphas who was the high priest that year.
και απηγαγον αυτον προς ανναν πρωτον ην γαρ πενθερος του καιαφα ος ην αρχιερευς του ενιαυτου εκεινου
- 14 Se Kayif sa a ki te bay jwif yo konsèy sa a: Li pi bon pou nou si yon sèl moun mouri pou tout pèp la!
It was Caiaphas who had said to the Jews that it was in their interest for one man to be put to death for the people.
ην δε καιαφας ο συμβουλευσας τοις ιουδαιοις οτι συμφερει ενα ανθρωπον απολεσθαι υπερ του λαου
- 15 Simon Pyè te swiv Jezi ansanm ak yon lòt disip. Disip sa a te yon konesans granprèt la. Se konsa li te antre anmenmtan ak Jezi nan lakou granprèt la.
And Simon Peter went after Jesus with another disciple. Now that disciple was a friend of the high priest and he went in with Jesus into the house of the high priest;
ηκολουθει δε τω ιησου σιμων πετρος και ο αλλος μαθητης ο δε μαθητης εκεινος ην γνωστος τω αρχιερει και συνεισηλθεν τω ιησου εις την αυλην του αρχιερεως
- 16 Pyè menm te rete deyò, bò pòt la. Lè sa a, lòt disip la, ki te yon konesans granprèt la, soti deyò, li pale ak fanm ki t'ap veye pòt la, li fè Pyè antre.
But Peter was kept outside at the door. Then this other disciple, who was a friend of the high priest, came out and had a word with the girl who kept the door, and took Peter in.
ο δε πετρος εστηκει προς τη θυρα εξω εξηλθεν ουν ο μαθητης ο αλλος ος ην γνωστος τω αρχιερει και ειπεν τη θυρωρω και εισηγαγεν τον πετρον
- 17 Sèvant ki t'ap veye pòt la di Pyè konsa: Ou menm tou, ou se yonn nan disip nonm sa a. Pyè reponn li: Non. Mwen pa disip nonm sa a.
Then the girl who was the door-keeper said to Peter, Are you not one of this man's disciples? In answer he said, I am not.
λεγει ουν η παιδισκη η θυρωρος τω πετρω μη και συ εκ των μαθητων ει του ανθρωπου τουτου λεγει εκεινος ουκ ειμι
- 18 Domestik yo ak gad yo te limen dife, yo tout te kanpe bò dife a, yo t'ap chofe kò yo paske te fè frèt. Pyè te kanpe la avèk yo, li t'ap chofe kò l' tou.
Now the servants and the police had made a fire of coals because it was cold; they were warming themselves in front of it and Peter was there with them, warming himself.
εστηκεισαν δε οι δουλοι και οι υπηρεται ανθρακιαν πεποηκοτες οτι ψυχος ην και εθερμαινοντο ην δε μετ αυτων ο πετρος εστως και θερμαινομενος
- 19 Granprèt la poze Jezi keksyon sou disip li yo ak sou sa l' t'ap moutre yo.
Then the high priest put questions to Jesus about his disciples and his teaching.
ο ουν αρχιερευς ηρωτησεν τον ιησουν περι των μαθητων αυτου και περι της διδαχης αυτου
- 20 Jezi reponn li: Mwen te pale an piblik pou tout moun tande. Se nan sinagòg yo ak nan tanp lan, kote tout jwif yo sanble, se la mwen toujou moutre sa pou m' te moutre a. Mwen pa janm di anyen an kachèt.
Jesus made answer, I said things openly to the world at all times; I have given my teaching in the Synagogues and in the Temple to which all the Jews come; and I have said nothing secretly.
απεκριθη αυτω ο ιησους εγω παρρησια ελαλησα τω κοσμω εγω παντοτε εδιδαξα εν τη συναγωγη και εν τω ιερω οπου παντοτε οι ιουδαιοι συνερχονται και εν κρυπτω ελαλησα ουδεν
- 21 Poukisa w'ap keksyonnen m' konsa? Mande moun ki te tande m' yo sa m' te di yo. Yo menm yo konnen sa m' te di.
Why are you questioning me? put questions to my hearers about what I have said to them: they have knowledge of what I said.
τι με επερωτας επερωτησεν τους ακηκοτας τι ελαλησα αυτοις ιδε ουτοι οιδασιν α ειπον εγω

- 22 Antan Jezi t'ap di pawòl sa yo, yon gad ki te kanpe la bò kote l' ba l' yon soufflèt. Li di li: Se konsa w'ap reponn granprèt la?
When he said this, one of the police by his side gave him a blow with his open hand, saying, Do you give such an answer to the high priest?
ταυτα δε αυτου ειποντος εις των υπηρετων παρεστηκως εδωκεν ραπισμα τω ιησου ειπων ουτως αποκρινη τω αρχιερει
- 23 Jezi reponn li: Si m' pale mal, moutre moun yo sa m' di ki mal la a. Men, si m' pale byen, poukisa ou frape mwen?
Jesus said in answer, If I have said anything evil, give witness to the evil: but if I said what is true, why do you give me blows?
απεκριθη αυτω ο ιησους ει κακως ελαλησα μαρτυρησον περι του κακου ει δε καλως τι με δερεις
- 24 Apre sa, An voye Jezi tou mare ale lakay Kayif, granprèt la.
Then Annas sent him chained to Caiaphas, the high priest.
απεστειλεν αυτον ο αννας δεδεμενον προς καιαφαν τον αρχιερα
- 25 Pandan tout tan sa a, Simon Pyè te kanpe la ap chofe dife. Yo di li: Ou menm tou, ou se yon disip nonm sa a. Men, Pyè demanti sa, li di: Non. Mwen pa disip nonm sa a.
But Simon Peter was still there warming himself by the fire. They said to him, Are you not one of his disciples? He said, No, I am not.
ην δε σιμων πετρος εστως και θερμαινομενος ειπον ουν αυτω μη και συ εκ των μαθητων αυτου ει ηρησατο εκεινος και ειπεν ουκ ειμι
- 26 Yonn nan domestik granprèt la ki te fanmi nonm Pyè te koupe zòrèy la, di konsa: Eske mwen pa t' wè ou nan jaden an avè li?
One of the servants of the high priest, a relation of him whose ear had been cut off by Peter, said, Did I not see you with him in the garden?
λεγει εις εκ των δουλων του αρχιερεως συγγενης ων ου απεκοψεν πετρος το ωτιον ουκ εγω σε ειδον εν τω κηπω μετ αυτου
- 27 Pyè di ankò se pa vre. Lamenn yon kòk chante.
Then again Peter said, No. And straight away a cock gave its cry.
παλιν ουν ηρησατο ο πετρος και ευθεως αλεκτωρ εφωνησεν
- 28 ¶ Apre sa, soti kay Kayif, yo mennen Jezi nan palè Gouvènè a. Se te granmtimaten. Men, jwif yo pa t' antre nan palè a. Yo pa t' vle mete tèt yo nan kondisyon pou yo pa ka fè sèvis Bondye yo. Sa ta ka anpeche yo manje manje Delivrans lan.
So they took Jesus from the house of Caiaphas to the Praetorium. It was early. They themselves did not go into the Praetorium, so that they might not become unclean, but might take the Passover.
αγουσιν ουν τον ιησουν απο του καιαφα εις το πραιτωριον ην δε πρωια και αυτοι ουκ εισηλθον εις το πραιτωριον ινα μη μιανθωσιν αλλ ινα φαγωσιν το πασχα
- 29 Se poutèt sa, Pilat, gouvènè a, te blije soti vin jwenn yo deyò a. Li mande yo: Kisa nou di nonm sa a fè?
So Pilate came out to them and put the question: What have you to say against this man?
εξηλθεν ουν ο πιλατος προς αυτους και ειπεν τινα κατηγοριαν φερετε κατα του ανθρωπου τουτου
- 30 Yo reponn li: Si nonm sa a pa t' yon malfektè, nou pa ta mennen l' ba ou.
They said to him in answer, If the man was not a wrongdoer we would not have given him up to you.
απεκριθησαν και ειπον αυτω ει μη ην ουτος κακοποιος ουκ αν σοι παρεδωκαμεν αυτον
- 31 Pilat di yo: Poukisa nou pa pran l' nou menm, pou nou jije l' dapre lalwa nou? Jwif yo reponn li: Nou pa gen dwa touye pesonn.
Then Pilate said to them, Take him yourselves and let him be judged by your law. But the Jews said to him, We have no right to put any man to death.
ειπεν ουν αυτοις ο πιλατος λαβετε αυτον υμεις και κατα τον νομον υμων κρινατε αυτον ειπον ουν αυτω οι ιουδαιοι ημιν ουκ εξεστιν αποκτειναι ουδενα
- 32 Se konsa pawòl Jezi te di lè l' t'ap fè konnen jan l' tapral mouri a, tapral rive vre.
(That the word of Jesus might come true, pointing to the sort of death he would have.)
ινα ο λογος του ιησου πληρωθη ον ειπεν σημαινων ποιω θανατω ημελλεν αποθνησκειν
- 33 Lè sa a, Pilat antre nan palè a, li rele Jezi, li mande li: Eske se wa jwif yo ou ye?
Then Pilate went back into the Praetorium and sent for Jesus and said to him, Are you the King of the Jews?
εισηλθεν ουν εις το πραιτωριον παλιν ο πιλατος και εφωνησεν τον ιησουν και ειπεν αυτω συ ει ο βασιλευς των ιουδαιων
- 34 Jezi reponn li: Eske ou di sa paske ou fè lide sa a ou menm, osinon èske se lòt moun ki di ou sa?
Jesus made answer, Do you say this of yourself, or did others say it about me?
απεκριθη αυτω ο ιησους αφ εαυτου συ τουτο λεγεις η αλλοι σοι ειπον περι εμου
- 35 Pilat reponn li: Eske se jwif mwen ye, mwen menm? Se pwòp moun peyi ou ansanm ak chèf prèt yo ki mennen ou ban mwen? Kisa ou fè?
Pilate said, Am I a Jew? Your nation and the chief priests have given you into my hands: what have you done?
απεκριθη ο πιλατος μητι εγω ιουδαιος ειμι το εθνος το σον και οι αρχιερεις παρεδωκαν σε εμοι τι εποιησας

- 36 Jezi reponn: Nan peyi kote m' wa a, se pa tankou peyi ki sou latè. Si gouvènman peyi kote m' wa a te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè m' yo ta goumen pou mwen. Yo pa ta kite m' tonbe nan men jwif yo. Non. Nan peyi kote m' wa a, se pa tankou peyi ki sou latè.
 Jesus said in answer, My kingdom is not of this world: if my kingdom was of this world, my disciples would have made a good fight to keep me out of the hands of the Jews: but my kingdom is not here.
 απεκριθη ο ιησους η βασιλεια η εμη ουκ εστιν εκ του κοσμου τουτου ει εκ του κοσμου τουτου ην η βασιλεια η εμη οι υπηρεται αν οι εμοι ηγωνιζοντο ινα μη παραδοθω τοις ιουδαιοις νυν δε η βασιλεια η εμη ουκ εστιν εντευθεν
- 37 Lè sa a, Pilat di li: Si se konsa, ou se wa vre? Jezi reponn li: Se ou ki di li. Wi, se wa mwen ye. Mwen fèt pou m' di verite a jan li ye a. Wi, se pou sa menm mwen vin sou latè. Tout moun ki patizan laverite ap koute vwa mwen.
 Then Pilate said to him, Are you then a king? Jesus made answer, You say that I am a king. For this purpose was I given birth, and for this purpose I came into the world, that I might give witness to what is true. Every lover of what is true gives ear to my voice.
 ειπεν ουν αυτω ο πιλατος ουκουν βασιλευς ει συ απεκριθη ο ιησους συ λεγεις οτι βασιλευς εμι εγω εγω εις τουτο γεγεννημαι και εις τουτο εληλυθα εις τον κοσμον ινα μαρτυρησω τη αληθεια πας ο ο ν εκ της αληθειας ακουει μου της φωνης
- 38 Pilat reponn li: Laverite? Kisa l' ye? Lè l' fin di sa, Pilat soti ankò, li al jwenn jwif yo. Li di yo: Mwen pa wè rezon pou m' kondannen nonm sa a.
 Pilate said to him, True? what is true? Having said this he went out again to the Jews and said to them, I see no wrong in him.
 λεγει αυτω ο πιλατος τι εστιν αληθεια και τουτο ειπων παλιν εξηλθεν προς τους ιουδαιους και λεγει αυτοις εγω ουδεμιαν αιτιαν ευρισκω εν αυτω
- 39 Dapre koutim nou genyen, mwen toujou lage yon prizonye pou fèt Delivrans lan ban nou. Eske nou ta vle m' lage wa jwif yo ban nou?
 But every year you make a request to me to let a prisoner go free at the Passover. Is it your desire that I let the King of the Jews go free?
 εστιν δε συνηθεια υμιν ινα ενα υμιν απολυσω εν τω πασχα βουλευσθε ουν υμιν απολυσω τον βασιλεια των ιουδαιων
- 40 Lè sa a, yo tout pran rele: Non. Nou pa vle li. Se Barabas nou vle! Barabas sa a te yon bandi.
 Then again they gave a loud cry, Not this man, but Barabbas. Now Barabbas was an outlaw.
 εκραυγασαν ουν παλιν παντες λεγοντες μη τουτον αλλα τον βαραββαν ην δε ο βαραββας ληστης
- 1 ¶ Se konsa Pilat bay lòd pran Jezi, bat li byen bat.
 Then Pilate took Jesus and had him whipped with cords.
 τοτε ουν ελαβεν ο πιλατος τον ιησουν και εμαστιγωσεν
- 2 Sòlda yo trese yon kouwòn avèk branch pikan, yo mete l' nan tèt Jezi. Yo mete yon gwo rad wouj fonce sou li.
 And the men of the army made a crown of thorns and put it on his head, and they put a purple robe on him.
 και οι στρατιωται πλεξαντες στεφανον εξ ακανθων επεθηκαν αυτου τη κεφαλη και ιματιον πορφυρου περιβαλον αυτον
- 3 Yo pwoche bò kote l', yo di li: Bonjou, wa jwif yo. Epi yo soufflete li.
 And they kept coming and saying, Long life to the King of the Jews! And they gave him blows with their hands.
 και ελεγον χαιρε ο βασιλευς των ιουδαιων και εδιδουν αυτω ραπισματα
- 4 Pilat soti ankò, li pale ak fowl moun yo, li di: Koute. Mwen pral mennen l' isit la deyò pou nou ka konprann mwen pa jwenn okenn rezon pou m' kondannen nonm sa a.
 And Pilate went out again and said to them, See, I let him come out to you to make it clear to you that I see no wrong in him.
 εξηλθεν ουν παλιν εξω ο πιλατος και λεγει αυτοις ιδε αγω υμιν αυτον εξω ινα γνωτε οτι εν αυτω ουδεμιαν αιτιαν ευρισκω
- 5 Se konsa, Jezi soti: li te gen kouwòn pikan an nan tèt li ak gwo rad wouj fonce a sou li. Pilat di yo: Men nonm lan!
 Then Jesus came out with the crown of thorns and the purple robe. And Pilate said to them, Here is the man!
 εξηλθεν ουν ο ιησους εξω φορων τον ακανθινον στεφανον και το πορφυρου ιματιον και λεγει αυτοις ιδε ο ανθρωπος
- 6 Lè chèf prèt yo ansanm ak gad yo wè l', yo kòmanse rele: Kloure l' sou yon kwa! Kloure l' sou yon kwa! Pilat di yo: Pran l', kloure l' sou kwa a nou menm. Mwen pa wè rezon pou m' kondannen l', mwen menm.
 So when the chief priests and the police saw him they gave a loud cry, To the cross! to the cross! Pilate said to them, Take him yourselves and put him on the cross: I see no crime in him.
 οτε ουν ειδον αυτον οι αρχιερεις και οι υπηρεται εκραυγασαν λεγοντες σταυρωσον σταυρωσον λεγει αυτοις ο πιλατος λαβετε αυτον υμεις και σταυρωσατε εγω γαρ ουχ ευρισκω εν αυτω αιτιαν
- 7 Jwif yo reponn li: Nou gen yon lwa. Dapre lwa sa a, li gen pou l' mouri paske li fè tèt li pase pou Pitit Bondye.
 And the Jews made answer, We have a law, and by that law it is right for him to be put to death because he said he was the Son of God.
 απεκριθησαν αυτω οι ιουδαιοι ημεις νομον εχομεν και κατα τον νομον ημων οφειλει αποθανειν οτι εαυτον υιον θεου εποιησεν

- 8 Lè Pilat tande sa, li vin pi pè toujou.
When this saying came to Pilate's ears his fear became greater;
οτε ουν ηκουσεν ο πιλατος τουτον τον λογον μαλλον φοβηθη
- 9 Li antre nan palè a, li mande Jezi: Ki kote ou soti? Men, Jezi pa reponn li.
And he went again into the Praetorium and said to Jesus, Where do you come from? But Jesus gave him no answer.
και εισηλθεν εις το πραιτωριον παλιν και λεγει τω ιησου ποθεν ει συ ο δε ιησους αποκρισιν ουκ εδωκεν αυτω
- 10 Lè sa a, Pilat di li: Ou p'ap pale avè mwen? Ou pa konnen mwen gen pouvwa pou m' lage ou, mwen gen pouvwa pou m' fè yo kloure ou sou yon kwa?
Then Pilate said to him, You say nothing to me? is it not clear to you that I have power to let you go free and power to put you to death on the cross?
λεγει ουν αυτω ο πιλατος εμοι ου λαλεις ουκ οιδας οτι εξουσιαν εχω σταυρωσαι σε και εξουσιαν εχω απολυσαι σε
- 11 Jezi reponn li: Ou pa ta gen okenn pouvwa sou mwen si se pa t' Bondye nan syèl la ki te ba ou li. Se poutèt sa, moun ki lage m' nan men ou lan, li pi koupab pase ou.
Jesus gave this answer: You would have no power at all over me if it was not given to you by God; so that he who gave me up to you has the greater sin.
απεκριθη ο ιησους ουκ ειχεξ εξουσιαν ουδεμιαν κατ εμου ει μη ην σοι δεδομενον ανωθεν δια τουτου ο παραδιδουξ με σοι μειζονα αμαρτιαν εχει
- 12 Depi lè sa a, Pilat t'ap chache yon jan pou l' lage Jezi. Men, jwif yo kòmanse rele: Si ou lage nonm sa a, ou pa zanmi Seza! Depi yon moun ap fè tèt li pase pou wa, se lènmi Seza li ye.
Hearing this, Pilate had a desire to let him go free, but the Jews said in a loud voice, If you let this man go, you are not Caesar's friend: everyone who makes himself a king goes against Caesar.
εκ τουτου εξητει ο πιλατος απολυσαι αυτον οι δε ιουδαιοι εκραζον λεγοντες εαν τουτον απολυσης ουκ ει φιλος του καισαρος παξ ο βασιλεια αυτον ποιων αντιλεγει τω καισαρι
- 13 Lè Pilat tande koze sa a, li fè yo mennen Jezi deyò, li chita sou gwo chèz nan plas jij la, kote yo rele Lakou Pave a (an lang ebre yo rele l': Gabata).
So when these words came to Pilate's ear, he took Jesus out, seating himself in the judge's seat in a place named in Hebrew, Gabbatha, or the Stone Floor.
ο ουν πιλατος ακουσας τουτον τον λογον ηγαγεν εξω τον ιησουν και εκαθισεν επι του βηματος εις τοπον λεγομενον λιθοστρωτον εβραϊστι δε γαββαθα
- 14 Se te lavèy fèt Delivrans jwif yo, vè midi konsa. Pilat di jwif yo: Men wa nou an.
(It was the day when they made ready for the Passover; and it was about the sixth hour.) And he said to the Jews, There is your King!
ην δε παρασκευη του πασχα ωρα δε ωσαι εκτη και λεγει τοις ιουδαιοις ιδε ο βασιλευξ υμων
- 15 Men, yo kòmanse rele: Touye li! Touye li! Kloure l' sou yon kwa! Pilat di yo: Nou vle m' kloure wa nou an sou yon kwa? Chèf pret yo reponn li: Nou pa gen lòt wa pase Seza.
Then they gave a loud cry, Away with him! away with him! to the cross! Pilate said to them, Am I to put your King to death on the cross? The chief priests said in answer, We have no king but Caesar.
οι δε εκραυγασαν αρον αρον σταυρωσον αυτον λεγει αυτοις ο πιλατος τον βασιλεια υμων σταυρωσω απεκριθησαν οι αρχιερειξ ουκ εχομεν βασιλεια ει μη καισαρα
- 16 ¶ Lè sa a, Pilat renmèt yo Jezi pou y' al kloure l' sou yon kwa. Se konsa, yo pran Jezi, yo mennen l' ale.
So then he gave him up to them to be put to death on the cross. And they took Jesus away;
τοτε ουν παρεδωκεν αυτον αυτοις ινα σταυρωθη παρελαβον δε τον ιησουν και απηγαγον
- 17 Jezi soti deyò lavil la, li t'ap pote kwa li jouk yon kote yo rele: Zo bwa Tèt la (An lang ebre, yo rele l': Gòlgotha).
And he went out with his cross on him to the place which is named Dead Man's Head (in Hebrew, Golgotha):
και βασταζων τον σταυρον αυτου εξηλθεν εις τον λεγομενον κρانيου τοπον οξ λεγεται εβραϊστι γολγοθα
- 18 Rive la, sòlda yo kloure l' sou kwa a. Anmenmtan yo kloure de lòt moun sou kwa tou, yonn chak bò, Jezi menm nan mitan yo.
Where they put him on the cross with two others, one on this side and one on that, and Jesus in the middle.
οπου αυτον εσταυρωσαν και μετ αυτου αλλουξ δυο εντευθεν και εντευθεν μεσον δε τον ιησουν
- 19 ¶ Pilat te bay lòd pou yo te fè yon pankat pou mete sou tèt kwa a. Yo te ekri sou li: Jezi, moun Nazarèt la, wa jwif yo.
And Pilate put on the cross a statement in writing. The writing was: JESUS THE NAZARENE, THE KING OF THE JEWS.
εγραψεν δε και τιτλον ο πιλατος και εθηκεν επι του σταυρου ην δε γεγραμμενον ιησους ο ναζωραιουξ ο βασιλευξ των ιουδαιων
- 20 Anpil jwif te li sa ki te ekri sou pankat la. Kote yo te kloure Jezi sou kwa a te toupre lavil la. Pankat la menm te ekri nan twa lang: ebre, laten ak grèk.
The writing was seen by a number of the Jews, for the place where Jesus was put to death on the cross was near the town; and the writing was in Hebrew and Latin and Greek.
τουτον ουν τον τιτλον πολλοι ανεγνωσαν των ιουδαιων οτι εγγυξ ην της πολεωξ ο τοπουξ οπου εσταυρωθη ο ιησους και ην γεγραμμενον εβραϊστι ελληνιστι ρωμαιστι
- 21 Lè sa a, chèf prèt jwif yo di Pilat konsa: Pa ekri: Wa Jwif yo. Men, ekri pito: Nonm sa a di se wa jwif yo li ye.
Then the chief priests of the Jews said to Pilate, Do not put, The King of the Jews, but, He said, I am the King of the Jews.
ελεγον ουν τω πιλατω οι αρχιερειξ των ιουδαιων μη γραφε ο βασιλευξ των ιουδαιων αλλ οτι εκεινουξ ειπεν βασιλευξ εμι των ιουδαιων

- 22 Pilat reponn yo: Sa m' ekri a, m' ekri l' nèt.
But Pilate made answer, What I have put in writing will not be changed.
απεκριθη ο πιλατος ο γεγραφα γεγραφα
- 23 Lè sòlda yo fin kloure Jezi sou kou a, yo pran rad li yo, yo fè kat pil ak yo, yo separe yo bay chak sòlda yo yonn. Yo pran gwo rad san kouti a, rad ki te fèt ak yon sèl pyès depi anwo jouk anba a.
And when Jesus was nailed to the cross, the men of the army took his clothing, and made a division of it into four parts, to every man a part, and they took his coat: now the coat was without a join, made out of one bit of cloth.
οι ουν στρατιωται οτε εσταυρωσαν τον ιησουν ελαβον τα ιματια αυτου και εποιησαν τεσσαρα μερη εκαστω στρατιωτη μερος και τον χιτωνα ην δε ο χιτων αρραφος εκ των ανωθεν υφαντος δι ολου
- 24 Sòlda yo yonn di lòt: Nou p'ap chire rad sa a non. Ann tire osò pou konnen pou ki moun l'ap ye. Se konsa, pawòl ki te ekri nan Liv la rive vre: Yo separe rad mwen ant yo: Yo tire osò pou rad mwen an. Se sa menm sòlda yo te fè.
So they said among themselves, Let this not be cut up, but let us put it to the decision of chance and see who gets it. (They did this so that the Writings might come true, which say, They made a distribution of my clothing among them, and my coat they put to the decision of chance.) This was what the men of the army did.
ειπον ουν προς αλληλους μη σχισομεν αυτον αλλα λαχομεν περι αυτου τινος εσται ινα η γραφη πληρωθη η λεγουσα διεμερισαντο τα ιματια μου εαυτοις και επι τον ιματισμον μου εβαλον κληρον οι μ εν ουν στρατιωται ταυτα εποιησαν
- 25 Bò kwa Jezi a te gen manman l' ak sè manman l', Mari, madanm Kleopas la, ansanm avèk Mari, moun lavil Magdala a.
Now by the side of the cross of Jesus were his mother, and his mother's sister Mary, the wife of Cleopas, and Mary Magdalene.
ειστηκεισαν δε παρα τω σταυρω του ιησου η μητηρ αυτου και η αδελφη της μητρος αυτου μαρια η του κλωπα και μαρια η μαγδαληνη
- 26 Jezi wè manman l' ansanm ak disip li te renmen an toupre li. Li di manman l' konsa: Madanm, men pitit ou.
So when Jesus saw his mother and the disciple who was dear to him, he said to his mother, Mother, there is your son!
ιησους ουν ιδων την μητερα και τον μαθητην παρεστωτα ον ηγαπα λεγει τη μητρι αυτου γυναι ιδου ο υιος σου
- 27 Li di disip la: Men manman ou. Depi lè sa a, disip la pran manman Jezi lakay li.
Then he said to the disciple, There is your mother! And from that hour the disciple took her to his house.
ειτα λεγει τω μαθητη ιδου η μητηρ σου και απ εκεινης της ωρας ελαβεν αυτην ο μαθητης εις τα ιδια
- 28 Jezi te konnen lè sa a tout bagay ki pou te fèt te fin fèt. Pou fè sa ki te ekri nan Liv la rive vre, li di: Mwen swaf.
After this, being conscious that all things had now been done so that the Writings might come true, Jesus said, Give me water.
μετα τουτο ειδως ο ιησους οτι παντα ηδη τετελεσται ινα τελειωθη η γραφη λεγει διψω
- 29 Te gen yon veso plen venèg bò la. Sòlda yo tranpe yon eponj nan venèg la, yo mare l' nan pwent yon branch bwa yo rele izòp, yo pwoche l', yo mete l' bò bouch Jezi.
Now there was a vessel ready, full of bitter wine, and they put a sponge full of it on a stick and put it to his mouth.
σκευος ουν εκειτο οζους μεστον οι δε πλησαντες σπογγον οζους και υσσοπω περιθεντες προσηνεγκαν αυτου τω στοματι
- 30 Lè Jezi fin pran venèg la, li di: Tou sa ki pou te rive rive! Apre sa, li bese tèt li, li mouri.
So when Jesus had taken the wine he said, All is done. And with his head bent he gave up his spirit.
οτε ουν ελαβεν το οζος ο ιησους ειπεν τετελεσται και κλινας την κεφαλην παρεδωκεν το πνευμα
- 31 ¶ Se te lavèy jou repo a. Jwif yo pa t' vle pou kadav yo te rete sou kwa yo pandan jou repo a, paske jou repo a te yon gwo jou fèt. Yo mande Pilat pou fè kraze janm moun ki te kloure sou kwa yo, lèfini pou l' te fè wete kadav yo.
Now it was the day of getting ready for the Passover, and so that the bodies might not be on the cross on the Sabbath (because the day of that Sabbath was a great day), the Jews made a request to Pilate that their legs might be broken, and that they might be taken away.
οι ουν ιουδαιοι ινα μη μεινη επι του σταυρου τα σωματα εν τω σαββατω επει παρασκευη ην ην γαρ μεγαλη η ημερα εκεινου του σαββατου ηρωτησαν τον πιλατον ινα κατεαγωσιν αυτων τα σκελη και αρθωσιν
- 32 Se lè sa a, sòlda yo vini, yo kraze janm premye nonm yo te kloure sou kwa menm lè ak Jezi a. Apre sa, yo kraze janm dezyèm lan tou.
So the men of the army came, and the legs of the first were broken and then of the other who was put to death on the cross with Jesus:
ηλθον ουν οι στρατιωται και του μεν πρωτου κατεαξαν τα σκελη και του αλλου του συσταυρωθεντος αυτο
- 33 Men, lè yo rive sou Jezi, yo wè li te gen tan mouri. Se sak fè yo pa t' kraze janm li yo.
But when they came to Jesus, they saw that he was dead by this time, and so his legs were not broken;
επι δε τον ιησουν ελθοντες ως ειδον αυτον ηδη τεθνηκοτα ου κατεαξαν αυτου τα σκελη

- 34 Men, yonn nan sòlda yo pèse bò kòt li avèk yon lans. Lamenn, dlo ak san koule sot nan twou a.
But one of the men made a wound in his side with a spear, and straight away there came out blood and water.
ἀλλ' εἰς τῶν στρατιωτῶν λογχὴ αὐτοῦ τὴν πλευρὰν ἐνύξεν καὶ εὐθὺς ἐξῆλθεν αἷμα καὶ ὕδωρ
- 35 Moun k'ap rapòte bagay sa yo te wè yo ak je li. Sa l'ap di a se vre. Li konnen li menm l'ap di laverite, pou nou menm tou nou ka kwè.
And he who saw it has given witness (and his witness is true; he is certain that what he says is true) so that you may have belief.
καὶ ὁ εὐρακῶς μεμαρτυρήκεν καὶ ἀληθινὴ αὐτοῦ ἐστὶν ἡ μαρτυρία κακείνος οἶδεν ὅτι ἀληθὴ λέγει ἵνα ὑμεῖς πιστευσήτε
- 36 Tou sa pase konsa pou pawòl ki te ekri nan Liv la te ka rive vre: Yo pa kraze yon sèl zo nan kò li.
These things came about so that the Writings might be true, No bone of his body will be broken.
ἐγενετο γὰρ ταῦτα ἵνα ἡ γραφὴ πληρωθῆ ὅστων οὐ συντριβήσεται αὐτοῦ
- 37 Gen yon lòt pawòl yo te ekri ankò ki di: Y'a leve je yo gade, y'a wè moun yo te pèse a.
And again another verse says, They will see him who was wounded by their spears.
καὶ πάλιν ἕτερα γραφὴ λέγει ὅψονται εἰς ὃν ἐξεκεντήσαν
- 38 ¶ Apre sa, Jozèf, moun lavil Arimate a, al mande Pilat pèmisyon pou li te pran kò Jezi. (Jozèf sa a te yon disip Jezi, men an kachèt, paske li te pè jwif yo.) Pilat ba l' pèmisyon an. Se konsa, Jozèf vini, li pran kò Jezi, li pote l' ale.
After these things, Joseph of Arimathaea, who was a disciple of Jesus, but secretly for fear of the Jews, made a request to Pilate to let him take away the body of Jesus: and Pilate said he might do so. So he went and took away his body.
μετὰ δὲ ταῦτα ἠρώτησεν τὸν πῖλατον ὁ ἰωσήφ ὁ ἀπὸ ἀριμαθαίας ὢν μαθητὴς τοῦ ἰησοῦ κεκρυμμένος δὲ διὰ τὸν φόβον τῶν ἰουδαίων ἵνα ἀρῆ τὸ σῶμα τοῦ ἰησοῦ καὶ ἐπέτρεψεν ὁ πῖλατος ἦλθεν οὖν καὶ ἔρρεν τὸ σῶμα τοῦ ἰησοῦ
- 39 Nikodèm, nonm ki ta l' jwenn Jezi yon lè nan mitan lannwit lan, te vini tou. Li te pote senkant lit konsa yon odè yo rele lami melanje ak lalwa nan lwil.
And Nicodemus came (he who had first come to Jesus by night) with a roll of myrrh and aloes mixed, about a hundred pounds.
ἦλθεν δὲ καὶ νικοδήμοσ ὁ ἐλθὼν πρὸς τὸν ἰησοῦν νυκτὸς τὸ πρῶτον φέρων μίγμα σμύρνης καὶ ἀλοῆς ὥσει λίτρας ἑκατόν
- 40 Yo tou de rive, yo pran Jezi. Pandan yo t'ap vlope l' nan bann twal fin yo, yo mete lwil santi bon sou li jan jwif yo te konn fè lè y'ap antere moun.
Then they took the body of Jesus, folding linen about it with the spices, as is the way of the Jews when they put the dead to rest.
ἐλάβον οὖν τὸ σῶμα τοῦ ἰησοῦ καὶ ἐθήσαν αὐτὸ ὀθονίοις μετὰ τῶν ἀρωμάτων καθὼς ἐθος ἐστὶν τοῖς ἰουδαίοις ἐνταφιάζειν
- 41 Kote yo te kloure Jezi sou kwa a te gen yon jaden. Nan jaden an te gen yon kavò tou nèf. Yo pa t' ankò mete pesonn ladan li.
Now there was a garden near the cross, and in the garden a new place for the dead in which no man had ever been put.
ἦν δὲ ἐν τῷ τοπῷ ὅπου ἐσταυρώθη κήπος καὶ ἐν τῷ κήπῳ μνημεῖον καινὸν ἐν ᾧ οὐδέπω οὐδεὶς ἐτέθη
- 42 Se te lavèy jou repo jwif yo, epi kavò a te toupre. Se sak fè, se la yo te mete kò Jezi a.
So they put Jesus there, because it was the Jews' day of getting ready for the Passover, and the place was near.
ἐκεῖ οὖν διὰ τὴν παρασκευὴν τῶν ἰουδαίων ὅτι ἐγγὺς ἦν τὸ μνημεῖον ἐθήκαν τὸν ἰησοῦν
- 1 ¶ Nan dimanch maten, byen bonè, li pa t' ankò fin jou, Mari, moun Magdala a, al nan kavò a. Li wè yo te wete wòch ki te fèmen bouch kavò a.
Now on the first day of the week, very early, while it was still dark, Mary Magdalene came to the place and saw that the stone had been taken away from it.
τῆ δὲ μιᾶ τῶν σαββάτων μαρία ἡ μαγδαληνὴ ἐρχεται πρῶι σκοτίας ἐτι οὐσῆς εἰς τὸ μνημεῖον καὶ βλέπει τὸν λίθον ἠρμένον ἐκ τοῦ μνημείου
- 2 Li kouri, li al jwenn Simon Pyè ansanm ak lòt disip Jezi te renmen an, li di yo: Yo wete Seyè a kote l' te ye nan kavò a. Nou pa konn kote yo mete li.
Then she went running to Simon Peter, and to the other disciple who was loved by Jesus, and said to them, They have taken away the Lord out of the place of the dead and we have no knowledge where they have put him.
τρέχει οὖν καὶ ἐρχεται πρὸς σίμωνα πέτρον καὶ πρὸς τὸν ἄλλον μαθητὴν ὃν ἐφίλει ὁ ἰησοῦς καὶ λέγει αὐτοῖς ἦραν τὸν κύριον ἐκ τοῦ μνημείου καὶ οὐκ οἶδαμεν ποῦ ἐθήκαν αὐτόν
- 3 Pyè pati ansanm ak lòt disip la, y' al nan kavò a.
So Peter and the other disciple went out to the place of the dead.
ἐξῆλθεν οὖν ὁ πέτρος καὶ ὁ ἄλλος μαθητὴς καὶ ἤρχοντο εἰς τὸ μνημεῖον
- 4 Yo t'ap kouri ansanm, men lòt disip la t'ap kouri pi vit pase Pyè. Li rive bò kavò a anvan li.
They went running together, and the other disciple got in front of Peter and came first to the hole in the rock;
ἐτρέχον δὲ οἱ δύο ὁμοῦ καὶ ὁ ἄλλος μαθητὴς προεδράμεν τάχιον τοῦ πέτρου καὶ ἦλθεν πρῶτος εἰς τὸ μνημεῖον

- 5 Li bese pou l' gade anndan an. Li wè bann twal fin yo te fè yon pil atè a. Men, li pa antre.
And looking in, he saw the linen bands on the earth; but he did not go in,
και παρακουσας βλεπει κειμενα τα οθονια ου μεντοι εισηλθεν
- 6 Lè Simon Pyè rive dèyè l', li antre nan kavò a. Li wè bann twal fin yo anpile atè a
Then Simon Peter came after him and went into the hole in the rock; and he saw the linen bands on the earth,
ερχεται ουν σιμων πετρος ακολουθων αυτω και εισηλθεν εις το μνημειον και θεωρει τα οθονια κειμενα
- 7 ansanm ak moso twal ki te mare tèt Jezi a. Men, moso twal sa a pa t' menm kote ak bann twal fin yo. Li te vlope apa yon lòt kote.
And the cloth, which had been round his head, not with the linen bands but rolled up in a place by itself.
και το σουδαριον ο ην επι της κεφαλης αυτου ου μετα των οθονιων κειμενον αλλα χωρις εντετυλιγμενον εις ενα τοπον
- 8 Se lè sa a, lòt disip ki te rive bò kavò a anvan an antre tou. Li wè, li kwè.
Then the other disciple who came there first went in; and he saw and belief came to him.
τοτε ουν εισηλθεν και ο αλλος μαθητης ο ελθων πρωτος εις το μνημειον και ειδεν και επιστευσεν
- 9 (Disip yo pa t' ankò konprann sa ki te ekri nan Liv la kote yo te di Jezi te gen pou l' te leve soti vivan pami mò yo.)
For at that time they had no knowledge that the Writings said that he would have to come again from the dead.
ουδεπω γαρ ηδεισαν την γραφην οτι δει αυτον εκ νεκρων αναστηναι
- 10 Apre sa, tou de disip yo tounen lakay yo.
So then the disciples went away again to their houses.
απηλθον ουν παλιν προς εαυτους οι μαθηται
- 11 ¶ Mari menm te rete deyò toupri kavò a. Li t'ap kriye. Antan l' t'ap kriye konsa, li bese tèt li pou l' gade anndan kavò a.
But Mary was still there outside the hole in the rock, weeping; and while she was weeping and looking into the hole,
μαρια δε ειστηκει προς το μνημειον κλαιουσα εξω ως ουν εκλαιεν παρεκυνεν εις το μνημειον
- 12 Li wè de zanj Bondye abiye tout an blan, chita kote yo te mete kò Jezi a, yonn nan plas tèt la, lòt la nan plas pye yo.
She saw two angels in white seated where the body of Jesus had been, one at the head and the other at the feet.
και θεωρει δυο αγγελους εν λευκοις καθεζομενους ενα προς τη κεφαλη και ενα προς τοις ποσιν οπου εκειτο το σωμα του ιησου
- 13 Zanj yo mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye konsa? Li reponn yo: Yo wete Seyè mwen an, m' pa konn kote yo mete li.
They said to her, Woman, why are you weeping? She said to them, Because they have taken away my Lord, and I have no knowledge where they have put him.
και λεγουσιν αυτη εκεινοι γυναι τι κλαιεις λεγει αυτοις οτι ηραν τον κυριον μου και ουκ οίδα που εθηκαν αυτον
- 14 Lè l' fin di sa, li vire tèt li, li wè Jezi ki te kanpe la, men li pa t' rekonèt si se te Jezi.
And then looking round, she saw Jesus there, but had no idea that it was Jesus.
και ταυτα ειπουσα εστραφη εις τα οπισω και θεωρει τον ιησουν εστωτα και ουκ ηδει οτι ο ιησους εστιν
- 15 Jezi mande li: Madanm, poukisa w'ap kriye konsa? Ki moun w'ap chache? Mari menm te kwè se te mèt jaden an. Se poutèt sa li di li: Mèt, si se ou menm ki wete l', di m' ki bò ou mete li. M'a v al pran li.
Jesus said to her, Woman, why are you weeping? who are you looking for? She, taking him for the gardener, said to him, Sir, if you have taken him away from here, say where you have put him and I will take him away.
λεγει αυτη ο ιησους γυναι τι κλαιεις τινα ζητεις εκεινη δοκουσα οτι ο κηπουρος εστιν λεγει αυτω κυριε ει συ εβαστασας αυτον ειπε μοι που αυτον εθηκας καγω αυτον αρω
- 16 Jezi di li: Mari! Mari vire bò kot Jezi, li di l' an lang ebre: Rabouni (sa vle di: Mèt).
Jesus said to her, Mary! Turning, she said to him in Hebrew, Rabbouni! (which is to say, Master).
λεγει αυτη ο ιησους μαρια στραφεισα εκεινη λεγει αυτω ραββουνι ο λεγεται διδασκαλε
- 17 Jezi di li: Pa manyen m'! Mwen poko moute al jwenn Papa mwen. Men, ale jwenn frè m' yo, di yo m'ap moute bò kot Papa m' ki papa nou tou, m'ap moute bò kot Bondye m' ki Bondye nou tou.
Jesus said to her, Do not put your hand on me, for I have not gone up to the Father: but go to my brothers and say to them, I go up to my Father and your Father, to my God and your God.
λεγει αυτη ο ιησους μη μου απτου ουπω γαρ αναβεβηκα προς τον πατερα μου πορευου δε προς τους αδελφους μου και ειπε αυτοις αναβαινω προς τον πατερα μου και πατερα υμων και θεον μου και θεον υμων

- 18 Se konsa Mari, moun Magdala a, al di disip yo: Mwen wè Seyè a. Epi li rakonte yo sa Jezi te di li.
Mary Magdalene went with the news to the disciples, and said she had seen the Lord and that he had said these things to her.
ερχεται μαρια η μαγδαληνη απαγγελλουσα τοις μαθηταις οτι εωρακεν τον κυριον και ταυτα ειπεν αυτη
- 19 ¶ Menm jou dimanch sa a, nan aswè, disip yo te reyini nan yon kay. Yo te fèmen pòt yo akle paske yo te pè jwif yo. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di yo: benediksyon Bondye sou nou tout!
At evening on that day, the first day of the week, when, for fear of the Jews, the doors were shut where the disciples were, Jesus came among them and said to them, May peace be with you!
ουσης ουν οφιας τη ημερα εκεινη τη μια των σαββατων και των θυρων κεκλεισμενων οπου ησαν οι μαθηται συνηγμενοι δια τον φοβον των ιουδαιων ηλθεν ο ιησους και εστη εις το μεσον και λεγει αυ τοις ειρηνη υμιν
- 20 Apre li fin di yo sa, li moutre yo de pla men l' ak bò kòt li. Disip yo pa t' manke kontan lè yo wè Seyè a.
And when he had said this, he let them see his hands and his side. Then the disciples were glad when they saw the Lord.
και τουτο ειπων εδειξεν αυτοις τας χειρας και την πλευραν αυτου εχαρησαν ουν οι μαθηται ιδοντες τον κυριον
- 21 Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou tout! Menm jan Papa a te voye m' lan, se konsa m'ap voye nou tou.
And Jesus said to them again, May peace be with you! As the Father sent me, even so I now send you.
ειπεν ουν αυτοις ο ιησους παλιν ειρηνη υμιν καθως απεσταλκεν με ο πατηρ καγω πεμπω υμας
- 22 Apre pawòl sa yo, li souffle sou yo, li di yo: Resewwa Sentespri.
And when he had said this, breathing on them, he said to them, Let the Holy Spirit come on you:
και τουτο ειπων ενεφουσησεν και λεγει αυτοις λαβετε πνευμα αγιον
- 23 Moun n'a padone peche yo, y'a resewva padon vre. Moun n'a refize padone, yo p'ap resewva padon.
Any to whom you give forgiveness, will be made free from their sins; and any from whom you keep back forgiveness, will still be in their sins.
αν τινων αφητε τας αμαρτιας αφιενται αυτοις αν τινων κρατητε κεκρατηνται
- 24 Men, twouve Toma, yonn nan douz disip yo ki te rele Jimo, pa t' la avèk yo lè Jezi te vini an.
Now Thomas, one of the twelve, named Didymus, was not with them when Jesus came.
θωμας δε εις εκ των δωδεκα ο λεγομενος διδυμος ουκ ην μετ αυτων οτε ηλθεν ο ιησους
- 25 Lòt disip yo di li: Nou wè Seyè a. Men, Toma reponn yo: Si m' pa wè mak klou yo nan pla men l', si m' pa mete dwèt mwen nan plas kote klou yo te ye a, si m' pa mete men m' nan bò kòt li, mwen p'ap kwè.
So the other disciples said to him, We have seen the Lord. But he said to them, If I do not see in his hands the print of the nails and put my finger into the print of the nails, and if I do not put my hand into his side, I will never have belief.
ελεγον ουν αυτω οι αλλοι μαθηται εωρακαμεν τον κυριον ο δε ειπεν αυτοις εαν μη ιδω εν ταις χερσιν αυτου τον τυπον των ηλων και βαλω τον δακτυλον μου εις τον τυπον των ηλων και βαλω την χειρ α μου εις την πλευραν αυτου ου μη πιστευσω
- 26 ¶ Yon senmenn apre sa, disip Jezi yo te reyini ankò anndan kay la. Fwa sa a Toma te la avèk yo. Tout pòt yo te fèmen akle. Jezi vini, li kanpe nan mitan yo, li di: benediksyon Bondye sou nou tout.
And after eight days, his disciples were again in the house and Thomas was with them. Though the doors were shut, Jesus came, and taking his place in the middle of them, he said, May peace be with you!
και μεθ ημερας οκτω παλιν ησαν εσω οι μαθηται αυτου και θωμας μετ αυτων ερχεται ο ιησους των θυρων κεκλεισμενων και εστη εις το μεσον και ειπεν ειρηνη υμιν
- 27 Apre sa li di Toma: Mete dwèt ou isit la. Men. Gade men m' yo. Lonje men ou, mete l' la bò kòt mwen. Wete doutans nan kè ou. Kwè, tande.
Then he said to Thomas, Put out your finger, and see my hands; and put your hand here into my side: and be no longer in doubt but have belief.
ειτα λεγει τω θωμα φερε τον δακτυλον σου ουδε και ιδε τας χειρας μου και φερε την χειρα σου και βαλε εις την πλευραν μου και μη γινου απιστος αλλα πιστος
- 28 Toma reponn li: Seyè mwen, Bondye mwen!
And Thomas said in answer, My Lord and my God!
και απεκριθη ο θωμας και ειπεν αυτω ο κυριος μου και ο θεος μου
- 29 Jezi di li: Koulye a, se paske ou wè m' kifè ou kwè? benediksyon pou tout moun ki va kwè san yo pa wè mwen!
Jesus said to him, Because you have seen me you have belief: a blessing will be on those who have belief though they have not seen me!
λεγει αυτω ο ιησους οτι εωρακας με θωμα πιστευκας μακαριοι οι μη ιδοντες και πιστευσαντες
- 30 Jezi te fè anpil lòt mirak ankò devan disip li yo, men nou pa rapòte yo nan liv sa a.
A number of other signs Jesus did before his disciples which are not recorded in this book:
πολλα μεν ουν και αλλα σημεια εποιησεν ο ιησους ενωπιον των μαθητων αυτου α ουκ εστιν γεγραμμενα εν τω βιβλιο τουτω

- 31 **Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li.**
But these are recorded, so that you may have faith that Jesus is the Christ, the Son of God, and so that, having this faith you may have life in his name.
ταυτα δε γεγραπται ινα πιστευσητε οτι ο ιησους εστιν ο χριστος ο υιος του θεου και ινα πιστευοντες ζωην εχητε εν τω ονοματι αυτου
- 1 ¶ **Kèk jou apre sa, Jezi fè disip yo wè l' ankò, bò lanmè Tiberyad la. Men ki jan sa te pase:**
After these things Jesus let himself be seen again by the disciples at the sea of Tiberias; and it came about in this way.
μετα ταυτα εφανερωσεν εαυτον παλιν ο ιησους τοις μαθηταις επι της θαλασσης της τιβεριαδος εφανερωσεν δε ουτως
- 2 **Simon Pyè, Toma (yo rele Jimo a), Natanayèl (ki te moun Kana nan peyi Galile) ak de pitit Zebede yo te la ansanm ak de lòt nan disip Jezi yo.**
Simon Peter, Thomas named Didymus, Nathanael of Cana in Galilee, the sons of Zebedee, and two others of his disciples were all together.
ησαν ομου σιμων πετρος και θωμας ο λεγομενος διδυμος και ναθαναηλ ο απο κανα της γαλιλαιας και οι του ζεβεδαιου και αλλοι εκ των μαθητων αυτου δυο
- 3 **Simon Pyè di: Mwen pral lapèch. Yo di li: Nou menm tou, nou pral avè ou. Se konsa yo pati, yo moute nan yon kannòt. Men, yo pase tout nwit lan yo pa t' pran anyen.**
Simon Peter said to them, I am going fishing. They said to him, And we will come with you. They went out and got into the boat; but that night they took no fish.
λεγει αυτοις σιμων πετρος υπαγω αλιευειν λεγουσιν αυτω ερχομεθα και ημεις συν σοι εξηλθον και ανεβησαν εις το πλοιον ευθυσ και εν εκεινη τη νυκτι επιασαν ουδεν
- 4 **Li te kòmanse fè jou lè Jezi parèt bò dlo a. Men disip yo pa t' rekonèt si se te li menm.**
Now very early in the morning Jesus was there by the edge of the sea (though the disciples were not conscious that it was Jesus).
πρωιας δε ηδη γενομενης εστη ο ιησους εις τον αιγιαλον ου μεντοι ηδεισαν οι μαθηται οτι ιησους εστιν
- 5 **Jezi di yo konsa: Mesye m' yo, èske nou pran pwason? Yo reponn li: Non, nou pa pran anyen.**
So Jesus said to them, Children, have you taken any fish? They made answer, No.
λεγει ουν αυτοις ο ιησους παιδια μη τι προσφαγιον εχετε απεκριθησαν αυτω ου
- 6 **Li di yo: Lage prive a sou bò dwat kannòt la, n'a jwenn kichòy. Yo lage prive a. Men, yo pa t' kapab rale l' soti nan dlo a sitèlman li te plen pwason.**
And he said to them, Let down the net on the right side of the boat and you will get some. So they put it in the water and now they were not able to get it up again because of the great number of fish.
ο δε ειπεν αυτοις βαλετε εις τα δεξια μερη του πλοιου το δικτυον και ευρησετε εβαλον ουν και ουκ ετι αυτο ελκυσαι ισχυσαν απο του πληθους των ιχθυων
- 7 **Disip Jezi te renmen an di Pyè konsa: Se Seyè a wi. Lè Simon Pyè tandè pawòl sa yo: Se Seyè a, li mete rad sou li (paske li te toutouni), li lage kò l' nan dlo a.**
So the disciple who was dear to Jesus said to Peter, It is the Lord! Hearing that it was the Lord, Peter put his coat round him (because he was not clothed) and went into the sea.
λεγει ουν ο μαθητης εκεινος ον ηγαπα ο ιησους τω πετρω ο κυριος εστιν σιμων ουν πετρος ακουσας οτι ο κυριος εστιν τον επενδυτην διεξωσατο ην γαρ γυμνος και εβαλεν εαυτον εις την θαλασσαν
- 8 **Lòt disip yo menm t'ap tounen atè nan kannòt la, yo t'ap trennen prive ki te plen pwason an dèyè yo. Yo pa t' twò lwen rivay la, san (100) mètr konsa.**
And the other disciples came in the little boat (they were not far from land, only about two hundred cubits off) pulling the net full of fish.
οι δε αλλοι μαθηται τω πλοιαριω ηλθον ου γαρ ησαν μακραν απο της γης αλλ ως απο πηχων διακοσιων συροντες το δικτυον των ιχθυων
- 9 **Lè yo desann atè, yo wè yon dife ki te limen sou rivay la avèk kèk pwason ap boukannen ladan li. Te gen pen tou.**
When they got to land, they saw a fire of coals there, with fish cooking on it, and bread.
ως ουν απεβησαν εις την γην βλεπουσιν ανθρακιαν κειμενην και οψαριον επικειμενον και αρτον
- 10 **Jezi di yo: Pote kèk pwason nan sa nou fèk sot pran yo.**
Jesus said to them, Get some of the fish which you have now taken.
λεγει αυτοις ο ιησους ενεγκατε απο των οψαριων ον επιασατε νυν
- 11 **Simon Pyè moute nan kannòt la, li rale prive a tou plen vin atè. Te gen sansenkanntwa (153) gwo pwason ladan li. Men atousa, prive a pa t' chire.**
So Peter went to the boat and came back pulling the net to land, full of great fish, a hundred and fifty-three; and though there was such a number the net was not broken.
ανεβη σιμων πετρος και ειλικυσεν το δικτυον επι της γης μεστον ιχθυων μεγαλων εκατον πενηκοντατριων και τοσoutων οντων ουκ εσχισθη το δικτυον
- 12 **Jezi di yo: vin manje. Yo yonn nan disip yo pa t' gen kouraj mande li: Ki moun ou ye? Yo tout te konnen se te Seyè a.**
Jesus said to them, Come and take some food. And all the disciples were in fear of putting the question, Who are you? being conscious that it was the Lord.
λεγει αυτοις ο ιησους δευτε αρισθησατε ουδεις δε ετολμα των μαθητων εξετασαι αυτον συ τις ει ειδοτες οτι ο κυριος εστιν
- 13 **Jezi pwoche bò kote yo, li pran pen, li ba yo. Li ba yo pwason tou.**
Then Jesus came and took the bread and gave it to them, and the fish in the same way.
ερχεται ουν ο ιησους και λαμβανει τον αρτον και διδωσιν αυτοις και το οψαριον ομοιως

- 14 Sa te fè twazyèm fwa Jezi te fè disip li yo wè l' depi l' te leve soti vivan nan lanmò.
Now this was the third time that Jesus let himself be seen by the disciples after he had come back from the dead.
τουτο ηδη τριτον εφανερωθη ο ιησους τοις μαθηταις αυτου εγερθεις εκ νεκρων
- 15 ¶ Lè yo fin manje, Jezi di Simon Pyè konsa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen m' plis pase moun sa yo renmen mwen? Simon Pyè reponn: Wi, Seyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen ti mouton m' yo.
Then when they had taken food, Jesus said to Simon Peter, Simon, son of John, is your love for me greater than the love of these others? He said to him, Yes, Lord; you are certain of my love for you. He said to him, Then give my lambs food.
οτε ουν ηριστησαν λεγει τω σιμωνι πετρω ο ιησους σιμων ιωνα αγαπας με πλειον τουτων λεγει αυτω ναι κυριε συ οιδας οτι φιλω σε λεγει αυτω βοσκε τα αρνια μου
- 16 Li mande l' yon dezyèm fwa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Li reponn: Wi, Seyè, ou konnen mwen renmen ou. Jezi di li: Pran swen mouton m' yo.
Again, a second time, he said to him, Simon, son of John, have you any love for me? Yes, Lord, he said, you are certain of my love for you. Then take care of my sheep, said Jesus.
λεγει αυτω παλιν δευτερον σιμων ιωνα αγαπας με λεγει αυτω ναι κυριε συ οιδας οτι φιλω σε λεγει αυτω ποιμαινε τα προβατα μου
- 17 Apre sa, li mande l' yon twazyèm fwa: Simon, pitit Jan, èske ou renmen mwen? Sa te fè Simon lapenn anpil lè l' wè Jezi te mande l' yon twazyèm fwa: Eske ou renmen mwen? Li reponn li: Seyè, ou konn tout bagay. Ou konnen mwen renmen ou. Jezi di l' konsa: Pran swen mouton m' yo.
He said to him a third time, Simon, son of John, am I dear to you? Now Peter was troubled in his heart because he put the question a third time, Am I dear to you? And he said to him, Lord, you have knowledge of all things; you see that you are dear to me. Jesus said to him, Then give my sheep food.
λεγει αυτω το τριτον σιμων ιωνα φιλεις με ελυπηθη ο πετρος οτι ειπεν αυτω το τριτον φιλεις με και ειπεν αυτω κυριε συ παντα οιδας συ γινωσκεις οτι φιλω σε λεγει αυτω ο ιησους βοσκε τα προβατα μου
- 18 Sa m'ap di ou la a, se vre wi. Lè ou te jenn ti gason, ou te konn mare sentiwon ou pou kont ou. Lè sa a, ou te konn ale kote ou te vle. Men, lè wa fin granmoun, wa lonje de bra ou konsa, se moun ki va mare sentiwon ou pou ou. Lè sa a, y'a mennen ou kote ou pa ta vle ale.
Truly I say to you, When you were young, you made yourself ready and went wherever you had a desire to go: but when you are old, you will put out your hands and another will make you ready, and you will be taken where you have no desire to go.
αμην αμην λεγω σοι οτε ης νεωτερος εξωννυες σεαυτον και περιεπαταις οπου ηθελες οταν δε γηρασης εκτενεις τας χειρας σου και αλλος σε ζωσει και οισει οπου ου θελεις
- 19 (Lè Jezi t'ap pale konsa, li t'ap moutre ki jan Pyè tapral mouri pou sa te sèvi yon lwanj pou Bondye.) Apre sa, Jezi di li: Swiv mwen.
Now this he said, pointing out the sort of death by which he would give God glory. And after saying this, he said to him, Come after me.
τουτο δε ειπεν σημειωνν ποιω θανατω δοξασει τον θεον και τουτο ειπων λεγει αυτω ακολουθει μοι
- 20 ¶ Pyè vire tèt li, li wè disip Jezi te renmen an ki t'ap vin dèyè yo. Se disip sa a ki te panche bò zòrèy Jezi, antan yo t'ap manje a, ki te mande li: Seyè, ki moun ki pral trayi ou la?
Then Peter, turning round, saw the disciple who was dear to Jesus coming after them--the disciple who was resting on his breast at the last meal, and said, Lord, who is it who will be false to you?
επιστραφεις δε ο πετρος βλεπει τον μαθητην ον ηγαπα ο ιησους ακολουθουντα ος και ανεπεσεν εν τω δειπνω επι το στηθος αυτου και ειπεν κυριε τις εστιν ο παραδιδους σε
- 21 Se konsa, Pyè wè l' ap vini, li mande Jezi: Seyè, e nonm sa a, kisak pral rive li?
Seeing him, Peter said to Jesus, What about this man?
τουτον ιδων ο πετρος λεγει τω ιησου κυριε ουτος δε τι
- 22 Jezi reponn li: Si m' vle li rete vivan jouk lè m' gen pou m' tounen an, sa sa gade ou? Ou menm, swiv mwen.
Jesus said to him, If it is my desire for him to be here till I come back, what is that to you? come yourself after me.
λεγει αυτω ο ιησους εαν αυτον θελω μενειν εως ερχομαι τι προς σε συ ακολουθει μοι
- 23 Se konsa, nouvèl la gaye nan mitan frè yo: disip sa a p'ap janm mouri. Men, Jezi pa t' di Pyè: Li p'ap janm mouri. Li te di l' konsa: Si m' vle li rete vivan jouk lè m' gen pou m' tounen an, sa sa gade ou?
So this saying went about among the brothers that this disciple would not undergo death: Jesus, however, did not say that he would not undergo death, but, If it is my desire for him to be here till I come back, what is that to you?
εξηλθεν ουν ο λογος ουτος εις τους αδελφους οτι ο μαθητης εκεινος ουκ αποθνησκει και ουκ ειπεν αυτω ο ιησους οτι ουκ αποθνησκει αλλ εαν αυτον θελω μενειν εως ερχομαι τι προς σε
- 24 Se menm disip sa a k'ap rapòte tout bagay sa yo. Se li menm ki ekri yo. Nou konnen sa l'ap di a se verite.
This is the disciple who gives witness about these things and who put them in writing: and we have knowledge that his witness is true.
ουτος εστιν ο μαθητης ο μαρτυρων περι τουτων και γραφας ταυτα και οιδαμεν οτι αληθης εστιν η μαρτυρια αυτου
- 25 Jezi te fè anpil lòt bagay ankò. Si yon moun ta pran ekri liv pou rakonte yo tout, yonn apre lòt, mwen pa kwè ta gen plas sou latè pou mete liv sa yo.
And Jesus did such a number of other things that, if every one was recorded, it is my opinion that even the world itself is not great enough for the books there would be.
εστιν δε και αλλα πολλα οσα εποιησεν ο ιησους ατινα εαν γραφηται καθ εν ουδε αυτον ομαι τον κοσμον χωρησαι τα γραφομενα βιβλια αμην

- 1 ¶ Teofil monchè: Nan premye liv mwen an, mwen te rakonte tou sa Jezi te fè ak tout bagay li te moutre pèp la, depi nan konmans man, **I have given an earlier account, O Theophilus, of all the things which Jesus did, and of his teaching from the first,**
τον μεν πρωτον λογον ποιησαμην περι παντων ω θεοφιλε ων ηρξατο ο ιησους ποιειν τε και διδασκειν
- 2 jouk jou li moute nan syèl la. Anvan l' te moute a, li te pale ak moun li te chwazi pou sèvi apòt. Avèk pouwva Sentespri sou li, li ba yo lòd sa pou yo fè. **Till the day when he was taken up to heaven after he had given his orders, through the Holy Spirit, to the Apostles of whom he had made selection:**
αχρι ης ημερας εντειλαμενος τοις αποστολοις δια πνευματος αγιου ους εξελεξατο ανεληφθη
- 3 Apre lanmò li, li te parèt plizyè fwa devan yo. Li te ba yo divès prèv li te vivan ankò. Pandan karant jou, li fè yo wè l', li pale yo sou peyi kote Bondye wa a. **And to whom he gave clear and certain signs that he was living, after his death; for he was seen by them for forty days, and gave them teaching about the kingdom of God:**
οις και παρεστησεν εαυτον ζωντα μετα το παθειν αυτον εν πολλοις τεκμηριοις δι ημερων τεσσαρακοντα οπατομενος αυτοις και λεγων τα περι της βασιλειας του θεου
- 4 Yon jou yo t'ap manje ansanm, Jezi ba yo lòd sa a: Pa kite lavil Jerizalèm. Rete tann sa Papa a te pwomèt la, kado mwen t'ap pale nou an. **And when they were all together, with him, he gave them orders not to go away from Jerusalem, but to keep there, waiting till the word of the Father was put into effect, of which, he said, I have given you knowledge:**
και συναλιζομενος παρηγγειλεν αυτοις απο ιεροσολυμων μη χωριζεσθαι αλλα περιμενειν την επαγγελιαν του πατρος ην ηκουσατε μου
- 5 Jan te batize nou nan dlo, men nan kèk jou ankò, nou pral resewva batèm nan Sentespri a. **For the baptism of John was with water, but you will have baptism with the Holy Spirit, after a little time.**
οτι ιωαννης μεν εβαπτισεν υδατι υμεις δε βαπτισθησεσθε εν πνευματι αγιω ου μετα πολλας ταυτας ημερας
- 6 ¶ Lè sa a, moun ki te reyini bò kot Jezi yo pran mande li: Mèt, èske se koulye a ou pral mete gouvènman pèp Izrayèl la sou pye l' ankò? **So, when they were together, they said to him, Lord, will you at this time give back the kingdom to Israel?**
οι μεν ουν συνελθοντες επηρωτων αυτον λεγοντες κυριε ει εν τω χρονω τουτω αποκαθιστανεις την βασιλειαν τω ισραηλ.
- 7 Jezi reponn yo: Nou pa bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki fikse dat la li menm, pou kont li. **And he said to them, It is not for you to have knowledge of the time and the order of events which the Father has kept in his control.**
ειπεν δε προς αυτους ουχ υμων εστιν γνωvai χρονους η καιρους ους ο πατηρ εθετο εν τη ιδια εξουσια
- 8 Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resewva yon pouwva. Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè. **But you will have power, when the Holy Spirit has come on you; and you will be my witnesses in Jerusalem and all Judaea and Samaria, and to the ends of the earth.**
αλλα ληψεσθε δυναμιν επελθοντος του αγιου πνευματος εφ υμας και εσεσθε μοι μαρτυρες εν τε ιερουσαλημ και εν παση τη ιουδαια και σαμαρια και εως εσχατου της γης
- 9 Apre li fin di yo sa, li moute nan syèl. Antan yo t'ap gade li, yon nwaj vin bouche l' devan je yo. **And when he had said these things, while they were looking, he was taken up, and went from their view into a cloud.**
και ταυτα ειπων βλεποντων αυτων επηρθη και νεφελη υπελαβεν αυτον απο των οφθαλμων αυτων
- 10 Yo te gen je yo fikse nan syèl la kote Jezi t'ap moute a, lè dezòm, abiye tout an blan, parèt konsa bò kote yo. **And while they were looking up to heaven with great attention, two men came to them, in white clothing,**
και ως ατειζοντες ησαν εις τον ουρανον πορευομενου αυτου και ιδου ανδρες δυο παρειστηκεισαν αυτοις εν εσθητι λευκη
- 11 Dezòm yo di yo: Nou menm, moun Galile, poukisa nou rete la ap gade syèl la konsa? Jezi sa a ki fèk sot nan mitan nou an pou moute nan syèl la, li gen pou l' tounen menm jan nou wè l' moute nan syèl la. **And said, O men of Galilee, why are you looking up into heaven? This Jesus, who was taken from you into heaven, will come again, in the same way as you saw him go into heaven.**
οι και ειπον ανδρες γαλιλαιοι τι εστηκατε εμβλεποντες εις τον ουρανον ουτως ο ιησους ο αναληφθεις αφ υμων εις τον ουρανον ουτως ελευσεται ον τροπον εθεασασθε αυτον πορευομενον εις τον ουρανον
- 12 ¶ Apre sa, apòt yo desann mòn Oliv, yo tounen Jerizalèm. Mòn lan te toupre lavil la, distans yon kilomèt konsa. **Then they went back to Jerusalem from the mountain named Olivet, which is near Jerusalem, a Sabbath day's journey away.**
τοτε υπεστρεψαν εις ιερουσαλημ απο ορους του καλουμενου ελαιωνος ο εστιν εγγυς ιερουσαλημ σαββατου εχον οδον

- 13 Lè yo rive Jerizalèm, yo moute nan chanm anwo kay kote yo konn ye a. Lè sa a te gen Pyè, Jan, Jak ak Andre, Filip ak Toma, Batèlmi ak Matye, Jak, pitit Alfe a, Simon, nonm patriyòt la, epi Jid, pitit Jak la.
And when they came in, they went up into the room where they were living; Peter and John and James and Andrew, Philip and Thomas, Bartholomew and Matthew, James, the son of Alphaeus, and Simon the Zealot, and Judas, the son of James.
 και οτε εισηλθον ανεβησαν εις το υπερων ου ησαν καταμενοντες ο τε πετρος και ιακωβος και ιωαννης και ανδρας φιλιππος και θωμας βαρθολομαιος και ματθαιος ιακωβος αλφαιου και σιμων ο ζηλωτης και ιουδας ιακωβου
- 14 Yo tout mete tèt yo ansanm, yo t'ap lapriye san rete. Medam yo te la tou ansanm ak Mari, manman Jezi, ak frè l' yo tou.
And they all with one mind gave themselves up to prayer, with the women, and Mary the mother of Jesus, and his brothers.
 ουτοι παντες ησαν προσκαρτερουντες ομοθυμαδον τη προσευχη και τη δεησει συν γυναιξιν και μαρια τη μητρι του ιησου και συν τοις αδελφοις αυτου
- 15 ¶ Yon jou tout frè yo te sanble, te gen sanven (120) moun antou konsa. Piè kanpe nan mitan yo, li di:
And in those days Peter got up among the brothers (there were about one hundred and twenty of them), and said,
 και εν ταις ημεραις ταυταις αναστας πετρος εν μεσω των μαθητων ειπεν ην τε οχλος ονοματων επι το αυτο ως εκατον εικοσιν
- 16 Frè m' yo, sa Sentespri te anonse nan Liv yo, fòk sa te rive vre. Se konsa, nan bouch David, li te fè konnen davans ki jan Jida t'apral mennen moun ki te arete Jezi yo.
My brothers, the word of God had to be put into effect, which the Holy Spirit had said before, by the mouth of David, about Judas, who was guide to those who took Jesus,
 ανδρες αδελφοι εδει πληρωθηναι την γραφην ταυτην ην προειπεν το πνευμα το αγιον δια στοματος δαβιδ περι ιουδα του γενομενου οδηγου τοις συλλαβουσιν τον ιησουν
- 17 Jida te yonn nan nou, li te gen sèvis pa l' nan travay nou an.
For he was numbered among us, and had his part in our work.
 οτι κατηριθμημενος ην συν ημιν και ελαχεν τον κληρον της διακονιας ταυτης
- 18 (Avèk lajan youn te ba l' pou krim lan, Jida te achte youn moso tè. Se la li tonbe sou tèt, vant li pete, tout zantray li gaye sot deydò.
(Now this man, with the reward of his evil-doing, got for himself a field, and falling head first, came to a sudden and violent end there.
 ουτος μεν ουν εκτησατο χωριον εκ του μισθου της αδικιας και πρηνης γενομενος ελακησεν μεσος και εξεχυθη παντα τα σπλαγχνα αυτου
- 19 Se bagay tout moun nan Jerizalèm konnen byen. Se pou sa nan lang yo, yo te rele tè a: Akeldama, ki vle di: jaden san an.)
And this came to the knowledge of all those who were living in Jerusalem, so that the field was named in their language, Akel-dama, or, The field of blood.)
 και γνωστον εγενετο πασιν τοις κατοικουσιν ιερουσαλημ ωστε κληθηναι το χωριον εκεινο τη ιδια διαλεκτω αυτων ακελδαμα τουτεστιν χωριον αιματος
- 20 Men sa ki ekri nan Liv Sòm yo: Se pou kay li rete san moun. Se pou pesonn pa rete ladan li. Pi lwen ankò nou jwenn: Se pou youn lòt moun pran plas li nan travay la.
For in the book of Psalms it says, Let his house be waste, and let no man be living in it: and, Let his position be taken by another.
 γεγραπται γαρ εν βιβλω ψαλμων γενηθητω η επαυλις αυτου ερημος και μη εστω ο κατοικων εν αυτη και την επισκοπην αυτου λαβουι ετερος
- 21 Se poutèt sa, nou bezwen youn lòt moun ansanm ak nou pou sèvi temwen Seyè Jezi te leve soti vivan nan lanmò. Moun sa a, fòk se yonn nan moun ki te toujou la avèk nou tout tan Seyè Jezi t'ap mache avèk nou nan tout peyi a,
For this reason, of the men who have been with us all the time, while the Lord Jesus went in and out among us,
 δει ουν των συνελθοντων ημιν ανδρων εν παντι χρονω εν ω εισηλθεν και εξηλθεν εφ ημας ο κυριος ιησους
- 22 depi lè Jan te batize l' la jouk jou li te kite nou an pou l' moute nan syèl la.
Starting from the baptism of John till he went up from us, one will have to be a witness with us of his coming back from death.
 αρξαμενος απο του βαπτισματος ιωαννου εως της ημερας ης ανεληφθη αφ ημων μαρτυρα της αναστασεως αυτου γενεσθαι συν ημιν ενα τουτων
- 23 Yo bay non de moun: Jozèf, yo te rele Basabas ki te gen youn ti non Jistis, epi Matyas.
And they made selection of two, Joseph, named Barsabbas, whose other name was Justus, and Matthias.
 και εστησαν δυο ιωσηφ τον καλουμενον βαρσαβαν ος επεκληθη ιουστος και ματθιαν
- 24 Apre sa, yo lapriyè konsa: Bondye, ou menm ki konnen kè tout moun, moutre nou kilès ou chwazi nan de moun sa yo,
And they made prayers and said, Lord, having knowledge of the hearts of all men, make clear which of these two has been marked out by you,
 και προσευξαμενοι ειπον συ κυριε καρδιογνωστα παντων αναδειξον εκ τουτων των δυο ενα ον εξελεξω
- 25 pou sèvi apòt nan plas Jida te kite pou li al kote ki te pou li a.
To take that position as a servant and Apostle, from which Judas by his sin was shut out, so that he might go to his place.
 λαβειν τον κληρον της διακονιας ταυτης και αποστολης εξ ης παρεβη ιουδας πορευθηναι εις τον τοπον τον ιδιον

- 26 Apre sa, yo tire osò: se Matyas ki soti. Se konsa yo mete l' ansanm ak onz apòt yo.
 And they put it to the decision of chance, and the decision was given for Matthias, and he was numbered with the eleven Apostles.
 και εδωκαν κληρους αυτων και επεσεν ο κληρος επι ματθιαν και συγκατεψηφισθη μετα των ενδεκα αποστολων
- 1 ¶ Lè jou Lapannkòt la rive, yo tout te reyini ansanm menm kote a.
 And when the day of Pentecost was come, they were all together in one place.
 και εν τω συμπληρουσθαι την ημεραν της πεντηκοστης ησαν απαντες ομοθυμαδον επι το αυτο
- 2 Yo rete konsa, epi yon sèl bri sot nan syèl la tankou yon gwo van k'ap souffle; li plen tout kay kote yo te chita a.
 And suddenly there came from heaven a sound like the rushing of a violent wind, and all the house where they were was full of it.
 και εγενετο αφνω εκ του ουρανου ηχος ωσπερ φερομενης πνοης βιαιας και επληρωσεν ολον τον οικον ου ησαν καθημενοι
- 3 Lè sa a, yo wè yon bann lang parèt tankou ti flanm dife ki separe yonn ak lòt epi ki al poze grenn pa grenn sou tèt yo chak.
 And they saw tongues, like flames of fire, coming to rest on every one of them.
 και ωφθησαν αυτοις διαμεριζομεναι γλωσσαι ωσει πυρος εκαθισεν τε εφ ενα εκαστον αυτων
- 4 Yo tout te vin anba pouwva Sentespri, epi yo pran pale lòt lang dapre jan Lespri Bondye a t'ap fè yo pale.
 And they were all full of the Holy Spirit, and were talking in different languages, as the Spirit gave them power.
 και επλησθησαν απαντες πνευματος αγιου και ηρξαντο λαλειν ετεραις γλωσσαις καθως το πνευμα εδιδου αυτοις αποφθεγγεσθαι
- 5 ¶ Lè sa a, te gen yon bann jwif ki t'ap pase kèk jou lavil Jerizalèm. Se te moun devwe pou Bondye ki te soti nan tout peyi sou latè.
 Now there were living at Jerusalem, Jews, God-fearing men, from every nation under heaven.
 ησαν δε εν ιερουσαλημ κατοικουντες ιουδαιοι ανδρες ευλαβεις απο παντος εθνους των υπο τον ουρανον
- 6 Lè yo tande bri a, yon kantite ladan yo sanble. Yo tout te sezi anpil paske yo t'ap tande moun yo pale nan lang peyi yo chak.
 And when this sound came to their ears, they all came together, and were greatly surprised because every man was hearing the words of the disciples in his special language.
 γενομενης δε της φωνης ταυτης συνηλθεν το πληθος και συνεχυθη οτι ηκουον εις εκαστος τη ιδια διαλεκτω λαλουντων αυτων
- 7 Yo pa t' manke sezi. Yo t'ap gade, yo t'ap di: Moun sa yo k'ap pale la a, apa moun Galile yo tout ye?
 And they were full of wonder and said, Are not all these men Galilaeans?
 εξισταντο δε παντες και εθαυμαζον λεγοντες προς αλληλους ουκ ιδου παντες ουτοι εισιν οι λαλουντες γαλιλαιοι
- 8 Ki jan nou fè tande y'ap pale nan lang peyi nou?
 And how is it that every one of us is hearing their words in the language which was ours from our birth?
 και πως ημεις ακουομεν εκαστος τη ιδια διαλεκτω ημων εν η εγεννηθημεν
- 9 Nan nou la a gen moun Pat, moun Medi ak moun Elam, gen moun Mezopotami, moun Jide, moun Kapadòs, moun Pon ak moun Lazi.
 Men of Parthia, Media, and Elam, and those living in Mesopotamia, in Judaea and Cappadocia, in Pontus and Asia,
 παρθοι και μηδοι και ελαμιται και οι κατοικουντες την μεσοποταμιαν ιουδαιαν τε και καππαδοκιαν ποντον και την ασιαν
- 10 Gen moun Friji, moun Panfili, moun Lejip, moun teritwa Libi ki toupre Sirèn. Genyen ki soti lavil Wòm.
 In Phrygia and Pamphylia, in Egypt and the parts of Libya about Cyrene, and those who have come from Rome, Jews by birth and others who have become Jews,
 φρυγιαν τε και παμφυλιαν αιγυπτον και τα μερη της λιβυης της κατα κυρηνην και οι επιδημοντες ρωμαιοι ιουδαιοι τε και προσηλυτοι
- 11 Nan nou gen jwif, gen moun lòt nasyon ki te konvèti nan relijyon jwif yo, gen moun ki soti Lakrèt, gen moun Arabi tou. Ki jan nou fè tande yo ap pale lang nou, y'ap rakonte bèl bagay Bondye te fè?
 Men of Crete and Arabia, to all of us they are talking in our different languages, of the great works of God.
 κρητες και αραβες ακουομεν λαλουντων αυτων ταις ημετεραις γλωσσαις τα μεγαλεια του θεου
- 12 Yo tout te sezi, yo pa t' konn sa pou yo te kwè. Yonn t'ap di lòt: Sa sa vle di?
 And they were all surprised and in doubt saying to one another, What is the reason of this?
 εξισταντο δε παντες και διηπορουν αλλος προς αλλον λεγοντες τι αν θελοι τουτο ειναι
- 13 Gen lòt moun menm ki t'ap pase yo nan rizib. Yo t'ap di: Moun sa yo sou.
 But others, making sport of them, said, They are full of new wine.
 ετεροι δε γλευαζοντες ελεγον οτι γλευκους μεμεστωμενοι εισιν

- 14 ¶ Lè sa a, Pyè kanpe ansanm ak lòt onz apòt yo, li pale byen fò, li di foul moun yo konsa: Nou menm moun Jide ansanm ak nou tout k'ap pase kèk jou isit lavil Jerizalèm, nou fèt pou nou konnen sa. Koute sa m' pral di nou la a.
But Peter, getting up, with the eleven, said in a loud voice, O men of Judaea, and all you who are living in Jerusalem, take note of this and give ear to my words.
 σταθεις δε πετρος συν τοις ενδεκα επηρεν την φωνην αυτου και απεφθεγγετο αυτοις ανδρες ιουδαιοι και οι κατοικουντες ιερουσαλημ απαντες τουτο υμιν γνωστον εστω και ενωτισασθε τα ρηματα μου
- 15 Moun sa yo pa sou jan nou kwè a. Se nevè dimaten li ye sèlman.
For these men are not overcome with wine, as it seems to you, for it is only the third hour of the day;
 ου γαρ ως υμεις υπολαμβανετε ουτοι μεθουσιν εστιν γαρ ωρα τριτη της ημερας
- 16 Men, sa pwofèt Joèl te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a:
But this is the thing which was said by the prophet Joel;
 αλλα τουτο εστιν το ειρημενον δια του προφητου ιωηλ
- 17 Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm k'ap pale: M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit gason nou ak pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt. Jenn gason nou yo va gen vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv.
And it will come about, in the last days, says God, that I will send out my Spirit on all flesh; and your sons and your daughters will be prophets, and your young men will see visions, and your old men will have dreams:
 και εσται εν ταις εσχαις ημεραις λεγει ο θεος εκχεω απο του πνευματος μου επι πασαν σαρκα και προφητεουσιν οι υιοι υμων και αι θυγατρες υμων και οι νεανισκοι υμων ορασεις οψονται και οι πρεσβυτεροι υμων ενυπνια ενυπνιασθησονται
- 18 Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye.
And on my men-servants and my women-servants I will send my Spirit, and they will be prophets.
 και γε επι τους δουλους μου και επι τας δουλας μου εν ταις ημεραις εκειναις εκχεω απο του πνευματος μου και προφητεουσιν
- 19 Mwen pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen.
And wonders will be seen in heaven, and signs on the earth, blood and fire and smoke:
 και δωσω τερατα εν τω ουρανω ανω και σημεια επι της γης κατω αιμα και πυρ και ατμιδα καπνου
- 20 Solèy la pral vin tou nwa. Lalin lan pral vin wouj kou san, anvan jou Mèt la rive. Se va yon gwo jou, yon bèl jou tou!
The sun will become dark and the moon will be turned to blood, before that great day of the Lord comes in glory:
 ο ηλιος μεταστραφησεται εις σκοτος και η σεληνη εις αιμα πριν η ελθειν την ημεραν κυριου την μεγαλην και επιφανη
- 21 Lè sa a nenpòt moun ki va rele non Bondye va delivre.
And whoever makes his prayer to the Lord will have salvation.
 και εσται πας ος αν επικαλεσηται το ονομα κυριου σωθησεται
- 22 Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m' pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye l' paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy Bondye te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen.
Men of Israel, give ear to these words: Jesus of Nazareth, a man who had the approval of God, as was made clear to you by the great works and signs and wonders which God did by him among you, as you yourselves have knowledge,
 ανδρες ισραηλιται ακουσατε τους λογους τουτους ιησουν τον ναζωραιον ανδρα απο του θεου αποδεδειγμενον εις υμας δυναμεσιν και τερασιν και σημειοις οις εποιησεν δι αυτου ο θεος εν μεσω υμων καθως και αυτοι οιδατε
- 23 Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li te deja fè nan tèt li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann mekan kloure l' sou yon kwa.
Him, when he was given up, by the decision and knowledge of God, you put to death on the cross, by the hands of evil men:
 τουτον τη ωρισμενη βουλη και προγνωσει του θεου εκδοτον λαβοντες δια χειρων ανομων προσπηξαντες ανειλετε
- 24 Men, Bondye fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li.
But God gave him back to life, having made him free from the pains of death because it was not possible for him to be overcome by it.
 ον ο θεος ανεστησεν λυσας τας ωδινας του θανατου καθοτι ουκ ην δυνατον κρατεισθαι αυτον υπ αυτου
- 25 Men sa David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan devan je mwen. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa ka brannen m'.
For David said of him, I saw the Lord before my face at all times, for he is at my right hand, so that I may not be moved:
 δαβιδ γαρ λεγει εις αυτον προωρωμην τον κυριον ενωπιον μου δια παντος οτι εκ δεξιων μου εστιν ινα μη σαλευθω

- 26 Se poutèt sa kè m' kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, m'ap poze l' avèk espwa nan Bondye.
 And for this cause my heart was glad and my tongue full of joy, and my flesh will be resting in hope:
 δια τουτο ευφρανθη η καρδια μου και ηγαλλιασατο η γλωσσα μου επι δε και η σαρξ μου κατασκηνωσε επι ελπιδι
- 27 Paske, ou p'ap kite m' kote mò yo ye a. Ou p'ap pèmèt moun k'ap sèvi ou la pouri anba tè.
 For you will not let my soul be in hell and you will not give up your Holy One to destruction.
 οτι ουκ εγκαταλειψεις την ψυχη μου εις αδου ουδε δωσεις τον οσιον σου ιδειν διαφθοραν
- 28 Ou fè m' konnen tout chemen ki bay lavi a. M'ap kontan nèt paske ou toujou la avèk mwen.
 You have made me see the ways of life; I will be full of joy when I see your face.
 εγνωρισας μοι οδους ζωης πληρωσεις με ευφοροσυνης μετα του προσωπου σου
- 29 Frè m' yo, pèmèt mwen pale kareman ak nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere l'. Tonm li la nan mitan nou jouk jòdi a.
 My brothers, I may say to you openly that David came to his death, and was put in the earth, and his resting-place is with us today.
 ανδρες αδελφοι εξον ειπειν μετα παρρησιας προς υμας περι του πατριαρχου δαβιδ οτι και ετελευτησεν και εταφη και το μνημα αυτου εστιν εν ημιν αχρι της ημερας ταυτης
- 30 Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te sèman li t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li.
 But being a prophet, and having in mind the oath which God had given to him, that of the fruit of his body one would take his place as a king,
 προφητης ουν υπαρχων και ειδως οτι ορκω ωμοσεν αυτω ο θεος εκ καρπου της οσφους αυτου το κατα σαρκα αναστησεν τον χριστον καθισαι επι του θρονου αυτου
- 31 David te wè sa Bondye tapral fè a. Se konsa li te di Kris la te gen pou l' leve soti vivan nan lanmò lè l' di: Yo p'ap kite l' kote mò yo ye a. Kò li p'ap tounen pouriti.
 He, having knowledge of the future, was talking of the coming again of Christ from the dead, that he was not kept in hell and his body did not see destruction.
 προιδων ελαλησεν περι της αναστασεως του χριστου οτι ου κατελειφθη η ψυχη αυτου εις αδου ουδε η σαρξ αυτου ειδεν διαφθοραν
- 32 Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a.
 This Jesus God has given back to life, of which we all are witnesses.
 τουτον τον ιησουν ανεστησεν ο θεος ου παντες ημεις εσμεν μαρτυρες
- 33 Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resewva Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a.
 And so, being lifted up to the right hand of God, and having the Father's word that the Holy Spirit would come, he has sent this thing, which now you see and have knowledge of.
 τη δεξια ουν του θεου υψωθεις την τε επαγγελιαν του αγιου πνευματος λαβον παρα του πατρος εξεχεεν τουτο ο νυν υμεις βλεπετε και ακουετε
- 34 Se pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di: Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen,
 For David has not gone up into heaven, but says, himself, The Lord said to my Lord, Be seated at my right hand,
 ου γαρ δαβιδ ανεβη εις τους ουρανους λεγει δε αυτος ειπεν ο κυριος τω κυριω μου καθου εκ δεξιων μου
- 35 jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou.
 Till I put all those who are against you under your feet.
 εως αν θω τους εχθρους σου υποποδιον των ποδων σου
- 36 Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris la.
 For this reason, let all Israel be certain that this Jesus, whom you put to death on the cross, God has made Lord and Christ.
 ασφαως ουν γινωσκετω πας οικος ισραηλ οτι και κυριον και χριστον αυτον ο θεος εποιησεν τουτον τον ιησουν ον υμεις εσταυρωσατε
- 37 ¶ Lè pèp la tande pawòl sa yo, yo santi kè yo boulvèse. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo: Frè nou yo, kisa pou nou fè?
 Now when these words came to their ears their hearts were troubled, and they said to Peter and the other Apostles, Brothers, what are we to do?
 ακουσαντες δε κατενυγησαν τη καρδια ειπον τε προς τον πετρον και τους λοιπους αποστολους τι ποιησομεν ανδρες αδελφοι
- 38 Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resewva batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resewva Sentespri, kado Bondye a.
 And Peter said, Let your hearts be changed, every one of you, and have baptism in the name of Jesus Christ, for the forgiveness of your sins; and you will have the Holy Spirit given to you.
 πετρος δε εφη προς αυτους μετανοησατε και βαπτισθητω εκαστος υμων επι τω ονοματι ιησου χριστου εις αφεσιν αμαρτιων και ληψεσθε την δωρεαν του αγιου πνευματος
- 39 Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mèt nou, va rele vin jwenn li.
 For the word of God is for you and for your children and for all those who are far off, even all those who may be marked out by the Lord our God.
 υμιν γαρ εστιν η επαγγελια και τοις τεκνοις υμων και πασιν τοις εις μακραν οσους αν προσκαλεσηται κυριος ο θεος υμων

- 40 Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankouraje yo. Li t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo.
And with more such words he gave his witness, offering them salvation and saying, Come out from this evil generation.
ετεροις τε λογοις πλειοσιν διεμαρτυρετο και παρεκαλει λεγων σωθητε απο της γενεας της σκολιας ταυτης
- 41 Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resewva batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo.
Then those who gave hearing to his words had baptism: and about three thousand souls were joined to them that day.
οι μεν ουν ασμενωσ αποδεξαμενοι τον λογον αυτου εβαπτισθησαν και προσετεθησαν τη ημερα εκεινη ψυχαι οσει τρισχιλια
- 42 ¶ Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo, yo t'ap viv ansanm tankou frè yonn ak lòt, yo reyini pou separe pen an bay tout moun, epi yo t'ap lapriyè.
And they kept their attention fixed on the Apostles' teaching and were united together in the taking of broken bread and in prayer.
ησαν δε προσκαρτερουντες τη διδαχη των αποστολων και τη κοινωνια και τη κλασει του αρτου και ταισ προσευχαισ
- 43 Tout moun te gen krentif devan kantite mirak ak bèl bagay apòt yo t'ap fè.
But fear came on every soul: and all sorts of wonders and signs were done by the Apostles.
εγενετο δε παση ψυχη φοβος πολλα τε τερατα και σημεια δια των αποστολων εγινετο
- 44 Tout moun ki te kwè yo t'ap viv ansanm yonn ak lòt. Yo te mete tou sa yo te genyen ansanm.
And all those who were of the faith kept together, and had all things in common;
παντες δε οι πιστευοντες ησαν επι το αυτο και ειχον απαντα κοινα
- 45 Yo vann tè yo ak tout byen yo, yo separe lajan an pami yo tout, dapre nesosite chak moun.
And exchanging their goods and property for money, they made division of it among them all, as they had need.
και τα κτηματα και ταισ υπαρξεισ επιπρασκον και διεμεριζον αυτα πασιν καθοτι αν τισ χρειαν ειχεν
- 46 Toulejou, yo tout reyini ansanm nan tanp lan; yo te konn separe pen an bay tout moun nan kay yo, yo te manje ansanm avèk kè kontan san okenn pretansyon.
And day by day, going in agreement together regularly to the Temple and, taking broken bread together in their houses, they took their food with joy and with true hearts,
καθ ημεραν τε προσκαρτερουντες ομοθυμαδον εν τω ιερω κλωντες τε κατ οικον αρτον μεταλαμβανον τροφησ εν αγαλλιασει και αφελοτητι καρδιασ
- 47 Yo t'ap fè lwanj Bondye. Tout moun te renmen yo. Chak jou Bondye t'ap mete lòt moun li t'ap delivre yo nan gwoup la.
Giving praise to God, and having the approval of all the people; and every day the number of those who had salvation was increased by the Lord.
αινουντες τον θεον και εχοντες χαριν προς ολον τον λαον ο δε κυριος προσετιθει τουσ σωζομενουσ καθ ημεραν τη εκκλησια
- 1 ¶ Yon jou, vè twazè konsa nan apremidi, Pyè ak Jan t'ap moute nan tanp lan. Se te lè lapriyè.
Now Peter and John were going up to the Temple at the ninth hour, the hour of prayer;
επι το αυτο δε πετροσ και ιωαννης ανεβαινον εις το ιερον επι την ωραν τισ προσευχησ την εννατην
- 2 Bò Bèl Pòt la (se konsa yo te rele yon pòt nan tanp lan), te gen yon nonm ki te enfim depi l' te fèt. Chak jou yo te pote l' bò Bèl Pòt la pou l' te kapab mande moun k'ap antre nan tanp lan lacharite.
And a certain man who from birth had had no power in his legs, was taken there every day, and put down at the door of the Temple which is named Beautiful, requesting money from those who went into the Temple;
και τισ ανηρ χωλοσ εκ κοιλιασ μητροσ αυτου υπαρχων εβασταζετο ον επιθουν καθ ημεραν προς την θυραν του ιερου την λεγομενην ωραιαν του αιτειν ελεημοσυνην παρα των εισπορευομενων εις το ιερον
- 3 Li wè Pyè ak Jan ki tapral antre, li mande yo kichòy.
He then, seeing Peter and John going into the Temple, made a request to them.
οσ ιδον πετρον και ιωαννην μελλοντασ εισιεναι εις το ιερον ηρωτα ελεημοσυνην λαβειν
- 4 Pyè ak Jan fikse je yo sou li, epi Pyè di li: Gade nou.
And Peter, looking at him, with John, said, Keep your eyes on us.
ατενισασ δε πετροσ εις αυτον συν τω ιωαννη ειπεν βλεψον εις ημασ
- 5 Nonm lan pran gade yo; li te kwè yo tapral ba l' kichòy.
And he gave attention to them, hoping to get something from them.
ο δε επειγεν αυτοισ προσδοκων τι παρ αυτων λαβειν

- 6 Lè sa a, Pyè di li: Mwen pa gen ni lajan ni lò. Men, sa m' genyen an, m'ap ba ou li. Nan non Jezikri, moun Nazarèt la, leve ou mache.
But Peter said, I have no silver or gold, but what I have, that I give to you. In the name of Jesus Christ of Nazareth, get up on your feet.
ειπεν δε πετρος αργυριον και χρυσιον ουχ υπαρχει μοι ο δε εχω τουτο σοι διδωμι εν τω ονοματι ιησου χριστου του ναζωραιου εγειραι και περιπατει
- 7 Li pran men dwat li, li fè l' kanpe. Menm lè a tou, pla pye enfim lan ak zo jwenti pye l' yo vin fèm.
And he took him by his right hand, lifting him up; and straight away his feet and the bones of his legs became strong,
και πιασας αυτον της δεξιης χειρος ηγειρεν παραχρημα δε εστερεωθησαν αυτου αι βασεις και τα σφυρα
- 8 Li fè yon sèl sote, li kanpe sou de pye l', li pran mache. Li antre nan tanp lan avèk yo, li t'ap mache, li t'ap ponpe, li t'ap fè lwanj Bondye.
And, jumping up, he got on to his feet and went into the Temple with them, walking and jumping and giving praise to God.
και εξαλλομενος εστη και περιπατει και εισηλθεν συν αυτοις εις το ιερον περιπατων και αλλομενος και αιων τον θεον
- 9 Tout pèp la te wè l' ap mache, ap fè lwanj Bondye.
And all the people saw him walking and praising God:
και ειδεν αυτον πας ο λαος περιπατουντα και αιουντα τον θεον
- 10 Lè yo wè se te nonm enfim ki te konn chita bò Bèl Pòt la ap mande lacharite a, yo tout te pè. Yo sezi anpil pou sak te rive l' la.
And they saw that it was the man who made requests for money at the door of the Temple, and they were full of wonder and surprise at what had taken place.
επεγνωσκον τε αυτον οτι ουτος ην ο προς την ελεημοσυνην καθημενος επι τη θωραια πυλη του ιερου και επλησθησαν θαμβους και εκστασεως επι τω συμβεβηκοτι αυτω
- 11 Nonm lan pa t' kite Pyè ak Jan yon pa. Tout moun te sezi, yo kouri vin jwenn apòt yo sou Galeri Salomon an.
And while he kept his hands on Peter and John, all the people came running together to the covered way which is named Solomon's, full of wonder.
κρατουντος δε του ιαθεντος χωλου τον πετρον και ιωαννην συνεδραμεν προς αυτους πας ο λαος επι τη στοα τη καλουμενη σολομωντος εκθαμβοι
- 12 ¶ Lè Pyè wè sa, li di pèp la: Nou menm moun Iaras Izrayèl, poukisa nou sezi konsa? Poukisa n'ap plede gade n' konsa? Gen lè nou konprann se nou menm ki fè nonm sa a mache ak pwòp fòs kouraj nou osinon paske n'ap sèvi Bondye?
And when Peter saw it he said to the people, You men of Israel, why are you so greatly surprised at this man? or why are you looking at us as if by our power or virtue we had given him the use of his legs?
ιδων δε πετρος απεκρινατο προς τον λαον ανδρες ισραηλιται τι θαυμαζετε επι τουτω η ημιν τι ατενιζετε ως ιδια δυναμει η ευσεβεια πεποιηκοσιν του περιπατειν αυτον
- 13 Se Bondye Abraram, Izarak ak Jakòb, Bondye zansèt nou yo k'ap fè lwanj sèvitè li, Jezi. Nou menm, nou te lage l' nan men otorite yo, nou te voye l' jete devan Pilat, atout Pilat li menm te vle lage li.
The God of Abraham, of Isaac, and of Jacob, the God of our fathers, has given glory to his servant Jesus; whom you gave up, turning your backs on him, when Pilate had made the decision to let him go free.
ο θεος αβρααμ και ισαακ και ιακωβ ο θεος των πατερων ημων εδοξασεν τον παιδα αυτου ιησουν ον υμεις παρεδωκατε και ηρνησασθε αυτον κατα προσωπον πιλατου κριναντος εκεινου απολυειν
- 14 Jezi se moun Bondye te chwazi a, li te mache dwat devan Bondye, men nou voye l' jete, nou te pito mande Pilat pou l' te lage yon ansasen ban nou.
But you would have nothing to do with the Holy and Upright One, and made request for a man of blood to be given to you,
υμεις δε τον αγιον και δικαιον ηρνησασθε και ητησασθε ανδρα φονεα χαρισθηναι υμιν
- 15 Se konsa nou touye Mèt ki bay lavi a. Men, Bondye fè l' leve soti vivan nan lanmò. Nou se temwen tout bagay sa yo.
And put to death the Lord of life; whom God gave back from the dead; of which fact we are witnesses.
τον δε αρχηγον της ζωης απεκτεινατε ον ο θεος ηγειρεν εκ νεκρων ου ημεις μαρτυρες εσμεν
- 16 Nou wè nonm sa nou konnen an, se pouvwa ki nan non Jezi a mete ak konfyans nou gen nan non sa a ki ba li fòs ankò. Se konfyans nou gen nan Jezi ki fè l' geri nèt, jan nou ka wè l' la.
And his name, through faith in his name, has made this man strong, whom you see and have knowledge of: yes, the faith which is through him has made him well, before you all.
και επι τη πιστει του ονοματος αυτου τουτον ον θεωρειτε και ουδατε εστερεωσεν το ονομα αυτου και η πιστις η δι αυτου εδωκεν αυτω την ολοκληριαν ταυτην απεναντι παντων υμων
- 17 Enben, koulè a, frè m' yo, mwen rekonèt se konnen nou pa t' konnen, nou menm ansanm ak tout chèf nou yo, kifè nou te aji konsa avèk Jezi.
And now, my brothers, I am conscious that you did this, as did your rulers, without knowledge.
και νυν αδελφοι ουδα οτι κατα αγνοιαν επραξατε ωσπερ και οι αρχοντες υμων
- 18 Men, depi nan tan lontan, Bondye te fè konnen nan bouch pwofèt li yo ki jan Kris li a te gen pou l' soufri. Se konsa sa l' te di a vin rive vre.
But the things which God had made clear before, by the mouth of all the prophets, that the Christ would have to undergo, he has put into effect in this way.
ο δε θεος α προκατηγγειλεν δια στοματος παντων των προφητων αυτου παθειν τον χριστον επληρωσεν ουτως

- 19 Chanje lavi nou, tounen vin jwenn Bondye pou l' ka efase peche nou yo.
So then, let your hearts be changed and be turned to God, so that your sins may be completely taken away, and times of blessing may come from the Lord;
μετανοησατε ουν και επιστρεψατε εις το εξαλειφθηναι υμων τας αμαρτιας οπως αν ελθωσιν καιροι αναψυξεως απο προσωπου του κυριου
- 20 Lè sa a, Bondye va fè nou jwenn yon rafrechti pou nanm nou devan li, la voye Jezikri, moun li te chwazi davans pou nou an.
And that he may send the Christ who was marked out for you from the first, even Jesus:
και αποστειλη τον προκεκηρυγμενον υμιν ιησουν χριστον
- 21 Pou koulye a, Jezi gen pou l' rete nan syèl la jouk lè Bondye va vini pou mete tout bagay nan plas yo ankò, jan l' te fè nou konnen l' lan nan bouch pwofèt li yo depi nan tan lontan.
Who is to be kept in heaven till the time when all things are put right, of which God has given word by the mouth of his holy prophets, who have been from the earliest times.
ον δει ουρανον μεν δεξασθαι αχρι χρονων αποκαταστασεως παντων ων ελαλησεν ο θεος δια στοματος παντων αγιων αυτου προφητων απ αιωνος
- 22 Se konsa Moyiz te di: Bondye, Mèt nou an, gen pou l' voye yon pwofèt ban nou tankou l' te voye m' lan. Se va yonn nan frè nou yo. Se pou nou koute tou sa la di nou.
For Moses said, The Lord will give you a prophet from among your people, like me; you will give ear to everything which he will say to you.
μωσης μεν γαρ προς τους πατερας ειπεν οτι προφητην υμιν αναστησει κυριος ο θεος υμων εκ των αδελφων υμων ως εμε αυτου ακουσεσθε κατα παντα οσα αν λαληση προς υμας
- 23 Nenpòt moun ki p'ap koute pwofèt sa a, se pou yo disparèt li nèt nan mitan pèp Bondye a, se pou yo touye li.
And every soul who does not give attention to that prophet, will be cut off from among the people.
εσται δε πασα ψυχη ητις αν μη ακουση του προφητου εκεινου εξολοθρευθησεται εκ του λαου
- 24 Tout pwofèt ki te pale depi Samyèl ak tou sa ki te vin apre l' yo, yo tout yo te anonse tan sa a.
And all the prophets from Samuel and those who came after, every one of them, gave word of these days.
και παντες δε οι προφηται απο σαμουηλ και των καθεξης οσοι ελαλησαν και προκατηγγειλαν τας ημερας ταυτας
- 25 Pwomès Bondye te fè pwofèt li yo di ak bouch yo, se pou nou yo ye, lèfini nou gen pòsyon pa nou tou nan kontra Bondye te fè avèk zansèt nou yo. Se sa l' te di Abraram: Gremèsì pitit pitit ou yo, tout fanmi ki sou latè va jwenn benediksyon.
You are the sons of the prophets, and of the agreement which God made with your fathers, saying to Abraham, Through your seed a blessing will come on all the families of the earth.
υμεις εστε υιοι των προφητων και της διαθηκης ης διεθετο ο θεος προς τους πατερας ημων λεγων προς αβρααμ και τω σπερματι σου ευελογηθησονται πασαι αι πατρια της γης
- 26 Se konsa Bondye fè sèvitè l' la parèt, li voye l' ban nou anvan pou l' beni nou, pou l' fè nou tout kite mechanste nou yo.
To you, first, God sent his servant, blessing you by turning every one of you from his sins.
υμιν πρωτον ο θεος αναστησας τον παιδα αυτου ιησουν απεστειλεν αυτον ευλογουντα υμας εν τω αποστρεφειν εκαστον απο των πονηριων υμων
- 1 ¶ Antan Pyè ak Jan t'ap pale ak pèp la, prèt yo, kòmandan lagad tanp lan ak sadiseyen yo vin rive.
And while they were talking to the people, the priests and the captain of the Temple and the Sadducees came up to them,
λαλουντων δε αυτων προς τον λαον επεστησαν αυτοις οι ιερεις και ο στρατηγος του ιερου και οι σαδδουκαιοι
- 2 Yo te fache anpil dèske apòt yo t'ap moutre pèp la anpil bagay, dèske yo t'ap anonse yo moun mouri kapab leve menm jan Jezi te leve soti vivan nan lanmò.
Being greatly troubled because they were teaching the people and preaching Jesus as an example of the coming back from the dead.
διαπονουμενοι δια το διδασκειν αυτους τον λαον και καταγγελλειν εν τω ιησου την αναστασιν την εκ νεκρων
- 3 Yo arete yo, yo mete yo nan prizon pou jouk nan denmen paske solèy te fin kouche.
And they took them and put them in prison till the morning, for it was now evening.
και επεβαλον αυτοις τας χειρας και εθεντο εις τηρησιν εις την αυριον ην γαρ εσπερα ηδη
- 4 Men, anpil moun ki te tande pawòl la te kwè. Lè sa a, te gen senkmil (5.000) moun konsa ki te kwè.
But a number of those who gave hearing to the word had faith; and they were now about five thousand.
πολλοι δε των ακουσαντων τον λογον επιστευσαν και εγενηθη ο αριθμος των ανδρων ωσει χιλιαδες πεντε
- 5 ¶ Nan denmen, chèf jwif yo, chèf fanmi yo ak dirèktè lalwa yo sanble nan Jerizalèm.
And on the day after, the rulers and those in authority and the scribes came together in Jerusalem;
εγενετο δε επι την αυριον συναχθηναι αυτων τους αρχοντας και πρεσβυτερους και γραμματεις εις ιερουσαλημ
- 6 Ladan yo te gen: An, granprèt la, Kayif, Jan, Aleksann ansanm ak fanmi granprèt la.
And Annas, the high priest, was there, and Caiaphas and John and Alexander, and all the relations of the high priest.
και ανναν τον αρχιερα και καιαφαν και ιωαννην και αλεξανδρον και οσοι ησαν εκ γενους αρχιερατικου

- 7 Yo fè mennen apòt yo devan yo, epi yo mande yo: Kote n' pran pouvwa pou fè bagay sa a? Ki moun ki ban nou dwa fè sa?
Then sending for Peter and John, they said, By what power and in whose name have you done this?
και στησαντες αυτους εν τω μεσω επυνθανοντο εν ποια δυναμει η εν ποιω ονοματι ποιησατε τουτο υμεις
- 8 Lè sa a, Pyè vin anba pouvwa Sentespri, li di yo: Mesye chèf pèp la ak chèf fanmi yo:
Then Peter, being full of the Holy Spirit, said to them, O you rulers of the people and men of authority,
τοτε πετρος πλησθεις πνευματος αγιου ειπεν προς αυτους αρχοντες του λαου και πρεσβυτεροι του ισραηλ
- 9 Jòdi a y'ap poze nou keksyon sou yon byen nou fè pou yon enfim, y'ap mande nou ki jan nonm sa a fè geri.
If we are questioned today about a good work done to a man who was ill, as to how he has been made well,
ει ημεις σημερον ανακρινομεθα επι ευεργεσια ανθρωπου ασθενους εν τινη ουτος σεσωσται
- 10 Nou tout ki la a ansanm ak tout pèp Izrayèl la, nou fèt pou nou konn sa: si nonm sa a kanpe devan nou tou gaya, se gremesi Jezikri, moun Nazarèt nou te kloure sou kwa a, men ki leve vivan soti nan lanmò ak pouvwa Bondye.
Take note, all of you, and all the people of Israel, that in the name of Jesus Christ of Nazareth, whom you put to death on the cross, whom God gave back from the dead, even through him is this man now before you completely well.
γνωστον εστω πασιν υμιν και παντι τω λαω ισραηλ οτι εν τω ονοματι ιησου χριστου του ναζωραιου ον υμεις εσταυρωσατε ον ο θεος ηγειρεν εκ νεκρων εν τω τω ουτος παρεστηκεν ενωπιον υμων υγιης
- 11 Se Jezi menm yo t'ap pale nan pawòl sa a ki ekri nan liv la: Wòch nou te voye jete lè nou t'ap bati a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la.
He is the stone which you builders had no use for, but which has been made the chief stone of the building.
ουτος εστιν ο λιθος ο εξουθενηθεις υφ υμων των οικοδομουτων ο γενομενος εις κεφαλην γωνιας
- 12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.
And in no other is there salvation: for there is no other name under heaven, given among men, through which we may have salvation.
και ουκ εστιν εν αλλω ουδενι η σωτηρια ουτε γαρ ονομα εστιν ετερον υπο τον ουρανον το δεδομενον εν ανθρωποις εν ω δει σωθηναι ημας
- 13 Manm Gran Konsèy yo te sezi anpil lè yo wè ki jan Pyè ak Jan te gen konviksyon nan sa yo t'ap di, paske yo te vin konnen mesye sa yo se moun ki soti nan mas pèp la, ki pa t' resevwa okenn enstriksyon. Chèf yo te rekonèt yo tou pou moun ki te toujou avèk Jezi.
Now when they saw that Peter and John were without fear, though they were men of no education or learning, they were greatly surprised; and they took note of them that they had been with Jesus.
θεωρουντες δε την του πετρου παρρησιαν και ιωαννου και καταλαβομενοι οτι ανθρωποι αγραμματοι εισιν και ιδιωται εθαυμαζον επεγινωσκον τε αυτους οτι συν τω ιησου ησαν
- 14 Men, yo pa t' jwenn anyen pou reponn yo paske nonm ki te geri a te kanpe la devan je yo bò kot Pyè ak Jan.
And, seeing that the man who had been made well was there with them, they were not able to say anything against it.
τον δε ανθρωπον βλεποντες συν αυτοις εστωτα τον τεθεραπευμενον ουδεν ειχον αντειπειν
- 15 ¶ Yo mande apòt yo pou yo soti nan pyès kote Gran Konsèy la te reyini an, epi yo pran diskite bagay la yonn ak lòt.
But when they had given them orders to go out of the Sanhedrin, they had a discussion among themselves,
κελευσαντες δε αυτους εξω του συνεδριου απελθειν συνεβαλον προς αλληλους
- 16 Yo t'ap di konsa: Kisa pou n' fè ak mesye sa yo? Paske, tout moun nan Jerizalèm konnen byen pwòp se yo ki te fè gwo mirak sa a. Nou pa ka di se pa vre.
Saying, What are we to do with these men? for certainly it is clear to all who are living in Jerusalem that a most important sign has been done by them, and it is not possible to say that it is not so.
λεγοντες τι ποιησομεν τοις ανθρωποις τουτοις οτι μεν γαρ γνωστον σημειον γεγονεν δι αυτων πασιν τοις κατοικοισιν ιερουσαλημ φανερον και ου δυναμεθα αρνησασθαι
- 17 Men, pou nou vèl la pa gaye plis nan pèp la, n'ap kraponnen yo, n'ap defann yo pale ak pesonn nan non Jezi.
But so that it may not go farther among the people, let us put them in fear of punishment if they say anything in future in this name.
αλλ ινα μη επι πλειον διανεμηθη εις τον λαον απειλη απειλησωμεθα αυτοις μηκετι λαλειν επι τω ονοματι τουτω μηδενι ανθρωπων
- 18 Apre sa, yo fè rele apòt yo, yo pase yo lòd pou yo pa janm pale ni moutre pèp la anyen nan non Jezi.
And they sent for them, and gave them orders not to make statements or give teaching in the name of Jesus.
και καλεσαντες αυτους παρηγγειλαν αυτοις το καθολου μη φθεγγεσθαι μηδε διδασκειν επι τω ονοματι του ιησου
- 19 Men, Pyè ak Jan reponn yo: Jije nou menm kisa ki pi bon devan Bondye: Obeyi nou osinon obeyi Bondye?
But Peter and John in answer said to them, It is for you to say if it is right in the eyes of God to give attention to you more than to God:
ο δε πετρος και ιωαννης αποκριθεντες προς αυτους ειπον ει δικαιον εστιν ενωπιον του θεου υμων ακουειν μαλλον η του θεου κρινατε

- 20 Pou nou menm, nou pa kapab pa pale sa nou wè ak sa nou tande.
For it is not possible for us to keep from saying what we have seen and have knowledge of.
ου δυναμεθα γαρ ημεις α ειδομεν και ηκουσαμεν μη λαλειν
- 21 Manm Gran Konsèy yo fè yo menas ankò. Apre sa, yo lage yo. Yo pa t' kapab fè yo anyen paske tout pèp la t'ap fè lwanj Bondye pou sa ki te rive a.
And when they had said more sharp words to them, they let them go, not seeing what punishment they might give them, because of the people; for all men were giving praise to God for what had taken place.
οι δε προσπειλησαμενοι απελυσαν αυτους μηδεν ευρισκοντες το πως κολασονται αυτους δια τον λαον οτι παντες εδοξαζον τον θεον επι τω γεγονοτι
- 22 Nonm ki te geri gremesi mirak apòt yo te fè a te gen karantan pase.
For the man on whom this act of power was done was more than forty years old.
ετων γαρ ην πλειονων τεσσαρακοντα ο ανθρωπος εφ ον εγεγονει το σημειον τουτο της ιασεως
- 23 ¶ Lage yo lage yo, Pyè ak Jan al jwenn gwoup zanmi yo, yo rakonte yo tou sa chèf prèt yo ak ansyen yo te di.
And when they had been made free, they came back to their friends, and gave an account of all the things which the chief priests and the authorities had said to them.
απολυθεντες δε ηλθον προς τους ιδιους και απηγγειλαν οσα προς αυτους οι αρχιερεις και οι πρεσβυτεροι ειπον
- 24 Lè disip yo tande sa, yo tout mete tèt ansanm pou lapriyè Bondye konsa: O Mèt, se ou menm ki fè syèl la, tè a, lanmè a ak tout sa ki ladan yo.
And hearing it, they all, with one mind, made prayer to God and said, O Lord, maker of heaven and earth and the sea and all things in them:
οι δε ακουσαντες ομοθυμαδον ηραν φωνην προς τον θεον και ειπον δεσποτα συ ο θεος ο ποιησας τον ουρανον και την γην και την θαλασσαν και παντα τα εν αυτοις
- 25 Pa pouvwa Sentespri, se ou menm ki te pale nan bouch sèvitè ou, David, zansèt nou, lè l' te di: Poukisa moun lòt nasyon yo t'ap toumante kò yo konsa? Poukisa pèp yo t'ap fè plan ki p'ap sèvi yo anyen konsa?
Who has said, by the Holy Spirit, through the mouth of our father David your servant, Why are the nations so violently moved, and why are the thoughts of the people so foolish?
ο δια στοματος δαβιδ του παιδος σου ειπων ινατι εφρουζαν εθνη και λαοι εμελετησαν κενα
- 26 Wa latè yo pran pozisyon, chèf yo mete tèt yo ansanm sou do Bondye ak sou do Moun li chwazi a!
The kings of the earth were lifted up, the rulers came together, against the Lord, and against his Christ:
παρεστησαν οι βασιλεις της γης και οι αρχοντες συνηχθησαν επι το αυτο κατα του κυριου και κατα του χριστου αυτου
- 27 Se sa menm ki rive nan lavil sa a lè Ewòd ak Pons Pilat mete tèt yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ak tout moun pèp Izrayèl la sou do Jezi, sèvitè ki t'ap viv pou ou a, moun ou te chwazi a.
For, truly, in this town, against your holy servant, Jesus, who was marked out by you as Christ, Herod, and Pontius Pilate, with the Gentiles and the people of Israel, came together,
συνηχθησαν γαρ επ αληθειας επι τον αγιον παιδα σου ιησουν ον εχριστας ηρωδης τε και ποντιος πιλατος συν εθνεσιν και λαοις ισραηλ
- 28 Yo fè tou sa ou menm, nan tout pouvwa ou ak pwòp volonte ou, ou te deside davans ki pou te fèt la.
To do that which had been fixed before by your hand and your purpose.
ποιησαι οσα η χειρ σου και η βουλη σου προωρισεν γενεσθαι
- 29 Koulye a, Bondye, gade ki jan y'ap fè nou menas. Bay sèvitè ou yo fòs pou yo ka fè konnen mesaj ou a avèk konviksyon.
And now, Lord, take note of their cruel words, and give your servants power to be preachers of your word without fear,
και τα νυν κυριε επιδε επι τας απειλας αυτων καιδος τοις δουλοις σου μετα παρρησιας πασης λαλειν τον λογον σου
- 30 Lonje men ou pou yo ka fè gerizon, mirak ak lòt bèl bagay nan non Jezi, sèvitè ki te viv pou ou a.
While your hand is stretched out to do works of mercy; so that signs and wonders may be done through the name of your holy servant Jesus.
εν τω την χειρα σου εκτεινειν σε εις ιασιν και σημεια και τερατα γινεσθαι δια του ονοματος του αγιου παιδος σου ιησου
- 31 Lè yo fin lapriyè, kote yo te ye a pran tranble. Yo tout te anba pouvwa Sentespri, epi yo pran anonse pawòl Bondye a avèk konviksyon.
And when their prayer was ended, the place where they were was violently moved, and they all became full of the Holy Spirit, preaching the word of God without fear.
και δεηθεντων αυτων εσαλευθη ο τοπος εν ω ησαν συνηγμενοι και επλησθησαν απαντες πνευματος αγιου και ελαλουν τον λογον του θεου μετα παρρησιας
- 32 ¶ Tout moun ki te kwè yo te fè yon sèl kò, yo te gen menm santiman yonn pou lòt, yo te gen yon sèl lide yonn anvè lòt. Pesonn pa t' di byen li yo te pou tèt pa l' ase, men tou sa yonn te genyen te pou tout moun.
And all those who were of the faith were one in heart and soul: and not one of them said that any of the things which he had was his property only; but they had all things in common.
του δε πληθους των πιστευσαντων ην η καρδια και η ψυχη μια και ουδε εις τι των υπαρχοντων αυτω ελεγεν ιδιον ειναι αλλ ην αυτοις απαντα κοινα

- 33 Se avèk anpil pouvwa apòt yo t'ap bay prèv ki jan Bondye te leve Jezi fè l' soti vivan nan lanmò. Bondye menm te vide benediksyon l' an kantite sou yo tout.
And with great power the Apostles gave witness of the coming back of the Lord Jesus from the dead; and grace was on them all.
και μεγαλη δυναμει απεδιδουν το μαρτυριον οι αποστολοι της αναστασεως του κυριου ιησου χαρις τε μεγαλη ην επι παντας αυτους
- 34 Pesonn nan mitan yo pa t' nan nesosite. Sa ki te gen jaden, sa ki te gen kay, yo vann sa, yo pote lajan an
And no one among them was in need; for everyone who had land or houses, exchanging them for money, took the price of them,
ουδε γαρ ενδεης τις υπηρχεν εν αυτοις οσοι γαρ κτητορες χωριων η οικιων υπηρχον πωλουντες εφερον τας τιμας των πιπρασκομενων
- 35 renmèt apòt yo. Apre sa, yo te separe lajan an bay chak moun dapre nesosite yo.
And put it at the feet of the Apostles for distribution to everyone as he had need.
και επιθουν παρα τους ποδας των αποστολων διεδιδото δε εκαστω καθοτι αν τις χρειαν ειχεν
- 36 Se konsa, te gen yon nonm yo rele Jozèf, yon moun Levi ki soti lil Chip. Apòt yo te ba l' yon ti non Banabas, ki te vle di: Nonm k'ap ankouraje a.
And Joseph, who was given by the Apostles the name of Barnabas (the sense of which is, Son of comfort), a Levite and a man of Cyprus by birth,
ιωσης δε ο επικληθεις βαρναβας υπο των αποστολων ο εστιν μεθερμηνευομενον υιος παρακλησεως λευιτης κυριος τω γενει
- 37 Enben, li vann yon jaden li te genyen, li pote lajan an renmèt apòt yo.
Having a field, got money for it and put the money at the feet of the Apostles.
υπαρχοντος αυτω αγρου πωλησας ηνεγκεν το χρημα και εθηκεν παρα τους ποδας των αποστολων
- 1 ¶ Konsa tou, yon nonm yo te rele Ananyas ak Safira madanm li vann yon tè yo te genyen.
But a certain man named Ananias, with Sapphira his wife, got money for his property,
ανηρ δε τις ανανιας ονοματι συν σαπφειρη τη γυναικι αυτου επωλησεν κτημα
- 2 Men, dakò ak madanm li, Ananyas kenbe enpe nan lajan an pou li, epi li al renmèt apòt yo rès la.
And kept back part of the price, his wife having knowledge of it, and took the rest and put it at the feet of the Apostles.
και ενοσφισατο απο της τιμης συνειδυιας και της γυναικος αυτου και ενεγκας μερος τι παρα τους ποδας των αποστολων εθηκεν
- 3 Lè sa a, Pyè di li: Ananyas, ki jan ou fè kite Satan antre nan kè ou pou l' fè ou bay Sentespri manti, pou l' fè ou kenbe enpe nan lajan tè a pou ou?
But Peter said, Ananias, why has the Evil One put it into your heart to be false to the Holy Spirit, and to keep back part of the price of the land?
ειπεν δε πετρος ανανια διατι επληρωσεν ο σατανας την καρδια σου ψευσασθαι σε το πνευμα το αγιον και νοσφισασθαι απο της τιμης του χωριου
- 4 Anvan ou te vann tè a, se pa pou ou li te ye? Apre ou te fin vann li, tout lajan an te pou ou, pa vre? Ki jan ou fè mete nan tèt ou pou fè yon bagay konsa? Se pa moun ou bay manti non. Se Bondye ou twonpe.
While you had it, was it not your property? and after you had given it in exchange, was it not still in your power? how has this purpose come into your mind? you have been false, not to men, but to God.
ουχι μενον σοι εμενεν και πραθεν εν τη ση εξουσια υπηρχεν τι οτι εθου εν τη καρδια σου το πραγμα τουτο ουκ εψευσω ανθρωποις αλλα τω θεω
- 5 Lè Ananyas tande pawòl sa yo, li tonbe, li mouri frèt. Tout moun ki tande nouvèl la te pè anpil.
And at these words, Ananias went down on the earth, and his life went from him: and great fear came on all who were present.
ακουων δε ανανιας τους λογους τουτους πεσων εξεψυξεν και εγενετο φοβος μεγας επι παντας τους ακουοντας ταυτα
- 6 Men, kèk jenn gason vini, yo vlope kò a; yo pran l', y' al antere li.
And the young men went and made ready his body, and took it out, and put it in the earth.
ανασταντες δε οι νεωτεροι συνεστειλαν αυτον και εξενεγκαντες εθαψαν
- 7 Twazèdetan apre, madanm Ananyas, ki pa t' konn sak te rive, vin antre.
And about three hours after, his wife, having no knowledge of what had taken place, came in.
εγενετο δε ως ωρων τριων διαστημα και η γυνη αυτου μη ειδυια το γεγονος εισηλθεν
- 8 Pyè mande li: Di mwen, èske se pou pri sa a nou te vann jaden an? Li reponn: Wi, se pou pri sa a.
And Peter said to her, Give me an answer: was this amount of money the price of the land? And she said, Yes, it was.
απεκριθη δε αυτη ο πετρος ειπε μοι ει τοσουτου το χωριον απεδοσθε η δε ειπεν ναι τοσουτου

- 9 Lè sa a, Pyè di li: Poukisa, ou menm ak mari ou, nou fè konbinezon sa a ansanm pou n' chache pran Lespri Bondye a nan pèlen? Koute: Moun ki antere mari ou la, men yo la nan papòt la. Yo pral pote ou ale, ou menm tou.
But Peter said to her, Why have you made an agreement together to be false to the Spirit of the Lord? See, the feet of the young men who have put the body of your husband in the earth, are at the door, and they will take you out.
ο δε πετρος ειπεν προς αυτην τι οτι συμφωνηθη υμιν πειρασαι το πνευμα κυριου ιδου οι ποδες των θαψαντων τον ανδρα σου επι τη θυρα και εξοισουσιν σε
- 10 Menm lè a, li tonbe atè nan pye Pyè, li mouri frèt. Jenn gason yo antre, yo jwenn li mouri. Yo pran l', y' al antere bò kot mari li.
And straight away she went down at his feet, and her life went from her: and the young men came in and saw her dead, and they took her out and put her in the earth with her husband.
επεσεν δε παραχημα παρα τους ποδας αυτου και εξεψυξεν εισελθοντες δε οι νεανισκοι ευρον αυτην νεκραν και εξενεγκαντες εθαψαν προς τον ανδρα αυτης
- 11 Tout legliz la ak tout moun ki te tande bagay sa yo te pè anpil.
Then great fear came on all the church and on all who had knowledge of these things.
και εγενετο φοβος μεγας εφ ολην την εκκλησιαν και επι παντας τους ακουοντας ταυτα
- 12 ¶ Apòt yo t'ap fè anpil mirak ak anpil bèl bagay nan mitan pèp la. Yo tout te reyini ansanm anba Galeri Salomon an.
Now a number of signs and wonders were done among the people by the hands of the Apostles; and they were all together in Solomon's covered way.
δια δε των χειρων των αποστολων εγενετο σημεια και τερατα εν τω λαω πολλα και ησαν ομοθυμαδον απαντες εν τη στοα σολομωντος
- 13 Tout moun te pè mele ak yo, apa moun ki te kwè yo. Men, pèp la t'ap pale byen sou yo.
The others, in fear, kept back from joining them: but the people made much of them;
των δε λοιπων ουδεις ετολμα κολλησθαι αυτοις αλλ εμεγαλυνεν αυτους ο λαος
- 14 Anpil moun, fanm kou gason, t'ap vin jwenn disip yo paske yo te kwè nan Seyè a.
And a great number of men and women had faith, and were joined to the Lord;
μαλλον δε προσετιθεντο πιστευοντες τω κυριω πληθη ανδρων τε και γυναικων
- 15 Lè sa a, yo tanmen pote moun malad yo deyò nan lari. Yo mete yo sou kabann, sou nat, yon jan pou lè Pyè vin ap pase menm lonbray li te ka kouvri kèk nan yo.
And they even took into the streets people who were ill, and put them on beds, so that when Peter went by, some of them might be in his shade.
ωστε κατα τας πλαταιας εκφερειν τους ασθενεις και τιθεναι επι κλινων και κραββατων ινα ερχομενου πετρου καν η σκια επισκιαση τινη αυτων
- 16 Moun te soti nan tout ti bouk ki nan vwazinaj Jerizalèm. Yo pote moun malad ak moun move lespri t'ap toumante. Yo tout te geri.
And numbers of people came together from the towns round about Jerusalem, with those who were ill and those who were troubled with unclean spirits: and they were all made well.
συνηρχετο δε και το πληθος των περιξ πολεων εις ιερουσαλημ φεροντες ασθενεις και οχλουμενους υπο πνευματων ακαθαρτων οιτινες εθεραπευοντο απαντες
- 17 ¶ Lè sa a, yon sèl jalouzi pran granprèt la ansanm ak sadiseyen yo ki te patizan li.
But the high priest and those who were with him (the Sadducees) were full of envy,
αναστας δε ο αρχιερευς και παντες οι συν αυτω η ουσα αιρεσις των σαδδουκαιων επλησθησαν ζηλου
- 18 Yo fè arete apòt yo, mete yo nan gran prizon.
And they took the Apostles and put them in the common prison.
και εβεβαλον τας χειρας αυτων επι τους αποστολους και εθεντο αυτους εν τηρησει δημοσια
- 19 Men, nan mitan lannwit, yon zanj Bondye louvri pòt prizon an, li fè apòt yo soti. Li di yo:
But in the night an angel of the Lord, opening the doors of the prison, took them out and said,
αγγελος δε κυριου δια της νυκτος ηνοιξεν τας θυρας της φυλακης εξαγαγων τε αυτους ειπεν
- 20 Ale kanpe nan mitan tanp lan, epi anonse pèp la tout bagay sou jan pou yo viv koulye a.
Go, take your place in the Temple and give the people all the teaching about this Life.
πορευεσθε και σταθεντες λαλειτε εν τω ιερω τω λαω παντα τα ρηματα της ζωης ταυτης
- 21 Apòt yo obeyi zanj lan: Nan granmaten, y' al nan tanp lan epi yo tanmen moutre pèp la anpil bagay. Granprèt la ansanm ak patizan l' yo sanble tout chèf fanmi nan pèp Izrayèl la, yo reyini Gran Konsèy la. Apre sa, yo voye chache apòt yo nan prizon an.
And hearing this, they went into the Temple at dawn, and were teaching. But the high priest and those who were with him got together the Sanhedrin and the representatives of the children of Israel, and sent to the prison to get them.
ακουσαντες δε εισηλθον υπο τον ορθρον εις το ιερον και εδιδασκον παραγενομενος δε ο αρχιερευς και οι συν αυτω συνεκαλεσαν το συνεδριον και πασαν την γερουσιαν των υιων ισραηλ και απεστειλα ν εις το δεσμοτηριον αχθηναι αυτους

- 22 Men, lè gad yo rive nan prizon an, yo pa jwenn yo. Yo tounen nan Gran Konsèy la, yo fè rapò yo. Yo di:
But the men who were sent saw that they were not in the prison, and came back with the news,
οι δε υπηρεται παραγενομενοι ουχ ευρον αυτους εν τη φυλακη αναστρεψαντες δε απηγγειλαν
- 23 Nou jwenn prizon an byen fèmen, avèk gad yo nan pòs devan pòt prizon an. Men, lè nou louvri pòt yo, nou pa jwenn pesonn anndan an.
Saying, The doors of the prison were safely shut, and the keepers were at the doors, but when they were open, there was nobody inside.
λεγοντες οτι το μεν δεσμοτηριον ευρομεν κεκλεισμενον εν παση ασφαλεια και τους φυλακας εξω εστωτας προ των θυρων ανοιξαντες δε εσω ουδενα ευρομεν
- 24 Lè kòmandan lagad tanp lan ak chèf prèt yo tandè sa, yo t'ap mande ki jan apòt yo fè disparèt, kisa ki te rive.
Now, at these words, the captain of the Temple and the chief priests were greatly troubled about what might be the end of this business.
ως δε ηκουσαν τους λογους τουτους ο τε ιερευς και ο στρατηγος του ιερου και οι αρχιερεις διηπορουν περι αυτων τι αν γενοιτο τουτο
- 25 Men, yon moun vin rive, li di yo: Mesye nou te mete nan prizon yo, men yo nan tanp lan, y'ap pale ak pèp la.
And someone came and said to them, The men, whom you put in prison, are in the Temple teaching the people.
παραγενομενος δε τις απηγγειλεν αυτοις λεγων οτι ιδου οι ανδρες ους εθεσθε εν τη φυλακη εισιν εν τω ιερω εστωτες και διδασκοντες τον λαον
- 26 ¶ Lè sa a, kòmandan lagad la ale avèk gad li yo, li mennen apòt yo tounen. Men, yo pa t'aji brital ak yo paske yo te pè pou pèp la pa t'touye yo ak kout wòch.
Then the captain and some of the police went and took them, but not violently, for fear that they might be stoned by the people.
τοτε απελθων ο στρατηγος συν τοις υπηρεταις ηγαγεν αυτους ου μετα βιας εφοβουντο γαρ τον λαον ινα μη λιθασθωσιν
- 27 Lè yo mennen yo tounen, yo fè yo konparèt devan Gran Konsèy la. Epi granprèt la pran poze yo keksyon.
And they took them into the Sanhedrin, and the high priest said to them,
αγαγοντες δε αυτους εστησαν εν τω συνεδριω και επηρωτησεν αυτους ο αρχιερευς
- 28 Li di yo: Eske nou pa t' defann nou pale ak pèp la nan non sa a? Gade sa n' fè. Nou gaye pawòl nou yo nan tout Jerizalèm. Nou vle rann nou responsab lanmò nonm lan.
We gave you very clear orders not to give teaching in this name: and now Jerusalem is full of your teaching, and you are attempting to make us responsible for this man's death.
λεγων ου παραγγελια παρηγγειλαμεν υμιν μη διδασκειν επι τω ονοματι τουτου και ιδου πεπληρωκατε την ιερουσαλημ της διδαχης υμων και βουλεσθε επαγαγειν εφ ημας το αιμα του ανθρωπου τουτου
- 29 Pyè ansanm ak lòt apòt yo reponn li: Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun.
But Peter and the Apostles, answering, said, We have to do the orders of God, not of man.
αποκριθεις δε ο πετρος και οι αποστολοι ειπον πειθαρχειν δει θεω μαλλον η ανθρωποις
- 30 Bondye zansèt nou yo te fè Jezi leve soti vivan nan lanmò, Jezi nou te fè touye lè n' te kloure l' sou kwa a.
The God of our fathers gave Jesus back to life, whom you had put to death, hanging him on a tree.
ο θεος των πατερων ημων ηγειρεν ιησουν ον υμεις διεχειρισασθε κρεμασαντες επι ξυλου
- 31 Bondye fè l' moute chita sou bò dwat li, li mete l' Chèf sou nou, li fè l' delivre nou. Li fè sa pou bay pèp Izrayèl la yon bèl chans pou l' tounen vin jwenn Bondye, pou l' resevwa padon pou peche l' yo.
Him God has put on high at his right hand, as a Ruler and a Saviour, to give to Israel a change of heart and forgiveness of sins.
τουτον ο θεος αρχηγον και σωτηρα υψωσεν τη δεξια αυτου δουναι μετανοιαν τω ισραηλ και αφεσιν αμαρτιων
- 32 Nou se temwen tout bagay sa yo, nou menm ansanm ak Sentespri Bondye bay tout moun ki obeyi l' yo.
And we are witnesses of these things, and so is the Holy Spirit, whom God has given to those who keep his laws.
και ημεις εσμεν αυτου μαρτυρες των ρηματων τουτων και το πνευμα δε το αγιον ο εδωκεν ο θεος τοις πειθαρχουσιν αυτω
- 33 Lè yo tandè pawòl sa yo, manm Gran Konsèy yo fin pran chenn. Tèlman yo te ankòlè, yo te vle fè touye apòt yo.
But when these words came to their ears, they were cut to the heart, and had a mind to put them to death.
οι δε ακουσαντες διεπριοντο και εβουλευοντο ανελειν αυτους
- 34 Men, te gen yon farizyen nan mitan yo ki te rele Gamalyèl. Se te yon dirèktè lalwa tout pèp la te respekte anpil. Li kanpe nan mitan Konsèy la, li mande pou fè apòt yo soti yon ti moman.
But one of the Sanhedrin, a Pharisee named Gamaliel, a man of learning in the law, of whom all the people had a high opinion, got up and made a suggestion for the men to be put outside for a little time.
αναστας δε τις εν τω συνεδριω φαρισαιος ονοματι γαμαλιηλ νομοδιδασκαλος τιμιος παντι τω λαω εκελευσεν εξω βραχυ τι τους αποστολους ποιησαι

- 35 Apre sa, li di: Nou menm moun pèp Izrayèl, pran tèt nou anvan nou fè sa nou pral fè ak mesye yo.
And he said to them, Men of Israel, take care what you do about these men.
 ειπεν τε προς αυτους ανδρες ισραηλιται προσεχετε εαυτους επι τοις ανθρωποις τουτοις τι μελλετε πρασσειν
- 36 Sa pa gen lontan, yon nonm yo rele Tedas te parèt. Li te pran pòz grammèg li. Li jwenn katsan (400) moun konsa ki te mete tèt ansanm avè li. Yo touye l', epi tout moun ki t'ap swiv li yo gaye. Se konsa mouvman an tonbe.
For before this there was Theudas, who said he was someone important, to whom about four hundred men gave their support: he was put to death, and his band was broken up and came to nothing.
 προ γαρ τουτων των ημερων ανεστη θευδας λεγων ειναι τινα εαυτον ω προσεκολληθη αριθμος ανδρων ωσει τετρακοσιων ος ανηρεθη και παντες οσοι επειθοντο αυτω διελυθησαν και εγενοντο εις ουδ εν
- 37 Apre sa, lè resansman an, te gen Jida, yon nonm Galile, ki te parèt. Li te trennen yon bann moun dèyè li. Li menm tou, yo touye li. Epi tout moun ki t'ap swiv li yo gaye tou.
After this man, there was Judas of Galilee, at the time of the numbering, and some of the people went after him: he was put to death, and all his supporters were put to flight.
 μετα τουτον ανεστη ιουδας ο γαλιλαιος εν ταις ημεραις της απογραφης και απεστησεν λαον ικανον οπισω αυτου κακεινος απολετο και παντες οσοι επειθοντο αυτω διεσκορπισθησαν
- 38 Pou koulye a, men sa m'ap di nou: Pa okipe mesye sa yo ankò. Kite y ale. Si plan travay yo a soti nan lèzòm, li gen pou l' disparèt.
And now I say to you, Do nothing to these men, but let them be: for if this teaching or this work is of men, it will come to nothing:
 και τα νυν λεγω υμιν αποστητε απο των ανθρωπων τουτων και εασατε αυτους οτι εαν η εξ ανθρωπων η βουλη αυτη η το εργον τουτο καταλυθησεται
- 39 Men, si sa soti nan Bondye, nou p'ap kapab kraze li. Atansyon pou se pa avèk Bondye nou gen zafè! Manm Konsèy yo tonbe dakò avèk Gamalyèl.
But if it is of God, you will not be able to overcome them, and you are in danger of fighting against God.
 ει δε εκ θεου εστιν ου δυνασθε καταλυσαι αυτο μηποτε και θεομαχοι ευρεθητε
- 40 Yo rele apòt yo ankò. Yo fè yo bat yo byen bat, yo pase yo lòd pou yo pa pale nan non Jezi ankò. Apre sa yo lage yo.
And he seemed to them to be right: and they sent for the Apostles, and, after having them whipped and giving them orders to give no teaching in the name of Jesus, they let them go.
 επεισθησαν δε αυτω και προσκαλεσαμενοι τους αποστολους δειραντας παρηγγειλαν μη λαλειν επι τω ονοματι του ιησου και απελυσαν αυτους
- 41 Apòt yo kite Gran Konsèy la. Yo te kontan dèske Bondye te wè yo merite pou moun te avili yo konsa poutèt non Jezi.
So they went away from the Sanhedrin, happy to undergo shame for the Name.
 οι μεν ουν επορευοντο χαιροντες απο προσωπου του συνεδριου οτι υπερ του ονοματος αυτου κατηξιωθησαν ατιμασθηναι
- 42 Toulejou, yo te nan tanp lan, yo t'ap mache kay an kay, yo pa t' janm sispann moutre moun yo anpil bagay. Yo t'ap anonse Bon Nouvèl ki pale sou Jezikri a.
And every day, in the Temple and privately, they went on teaching and preaching Jesus as the Christ.
 πασαν τε ημεραν εν τω ιερω και κατ οικον ουκ επαυοντο διδασκοντες και ευαγγελιζομενοι ιησουν τον χριστον
- 1 ¶ Lè sa a, te vin gen anpil anpil disip. Ladan yo, jwif ki te fèt nan peyi etranje epi ki te pale lang grèk la vin gen kont ak jwif peyi a. Yo t'ap plenyen dèske vèy yo pa t' jwenn anyen nan separe manje yo t'ap fè chak jou a.
Now in those days, when the number of the disciples was increasing, protests were made by the Greek Jews against the Hebrews, because their widows were not taken care of in the distribution of food every day.
 εν δε ταις ημεραις ταυταις πληθυνοντων των μαθητων εγενετο γογγυσμος των ελληνιστων προς τους εβραιους οτι παρεθεωροντο εν τη διακονια τη καθημερινη αι χηραι αυτων
- 2 Douz apòt yo sanble tout disip yo, yo di: Li pa ta bon pou n' neglije predikasyon pawòl Bondye a pou n' al okipe sèvis manje a.
And the Apostles sent for all the disciples and said, It is not right for us to give up preaching the word of God in order to make distribution of food.
 προσκαλεσαμενοι δε οι δωδεκα το πληθος των μαθητων ειπον ουκ αρεστον εστιν ημας καταλειψαντας τον λογον του θεου διακονειν τραπεζαις
- 3 Se pou sa, frè m' yo, chwazi sèt gason pami nou ki gen bon repitasyon, ki anba pouvwa Sentespri, ki gen kont bon konprann sou yo. N'a ba yo fè sèvis sa a.
Take then from among you seven men of good name, full of the Spirit and of wisdom, to whom we may give control of this business.
 επισκεψασθε ουν αδελφοι ανδρας εξ υμων μαρτυρουμενους επτα πληρεις πνευματος αγιου και σοφιας ους καταστησομεν επι της χρειας ταυτης
- 4 Konsa nou menm, n'a toujou bay tout tan nou pou lapriyè, ak pou fè moun konnen pawòl Bondye a.
Then we will give all our time to prayer and the teaching of the word.
 ημεις δε τη προσευχη και τη διακονια του λογου προσκαρτερησομεν

- 5 Tout gwoup la te dakò avèk lide sa a. Yo chwazi Etyèn, yon nonm ki te gen anpil konfyans nan Bondye epi ki te anba pouvwa Sentespri, Filip, Pwokò, Nikanò, Timon, Pamenas ak Nikola, yon nonm lavil Antiòch ki te konvèti nan relijyon jwif yo.
 And this saying was pleasing to all of them: and they made selection of Stephen, a man full of faith and of the Holy Spirit, and Philip and Prochorus and Nicanor and Timon and Parmenas and Nicolas of Antioch, who had become a Jew:
 και ηρεσεν ο λογος ενωπιον παντος του πληθους και εξελεξαντο στεφανον ανδρα πληρη πιστεως και πνευματος αγιου και φιλιππον και προχορον και νικανορα και τιμωνα και παρμεναν και νικολαον προσηλυτον αντιοχεια
- 6 Yo mennen yo bay apòt yo. Apòt yo lapriyè epi yo mete men sou tèt yo.
 These they took to the Apostles, who, after prayer, put their hands on them.
 ους εστησαν ενωπιον των αποστολων και προσευξασμενοι επεθηκαν αυτοις τας χειρας
- 7 Pawòl Bondye a t'ap gaye. Disip yo t'ap vin pi plis toujou nan Jerizalèm. Menm pami prèt yo, te gen anpil ki te asepte kwè pawòl la.
 And the word of God was increasing in power; and the number of the disciples in Jerusalem became very great, and a great number of priests were in agreement with the faith.
 και ο λογος του θεου ηρξανεν και εληθυνετο ο αριθμος των μαθητων εν ιερουσαλημ σφοδρα πολως τε οχλος των ιερειων υπηκουουν τη πιστει
- 8 ¶ Etyèn te yon nonm Bondye te beni anpil, li te gen anpil pouvwa. Li t'ap fè gwo bèl bagay ak mirak nan mitan pèp la.
 And Stephen, full of grace and power, did great wonders and signs among the people.
 στεφανος δε πληρης πιστεως και δυναμεως εποιει τερατα και σημεια μεγαλα εν τω λαω
- 9 Se konsa kèk moun leve dèyè li. Pami yo te gen manm sinagòg yo rele sinagòg Ansyen Esklav yo. (Se jwif lavil Sirèn ak lavil Aleksandri ki te ladan l'.) Yo menm ansanm ak lòt jwif ki soti Silisi ak Lazi yo pran diskite ak Etyèn.
 But some of those who were of the Synagogue named that of the Libertines, and some of the men of Cyrene and of Alexandria and those from Cilicia and Asia, had arguments with Stephen.
 ανεστησαν δε τινες των εκ της συναγωγης της λεγομενης λιβερτινων και κυρηναιων και αλεξανδρειων και των απο κιλικιας και ασιας συζητουντες τω στεφανω
- 10 Men, yo pa t' kapab kenbe tèt avèk li: Etyèn t'ap pale avèk bon konprann Sentespri te ba li.
 But they were not able to get the better of him, for his words were full of wisdom and of the Spirit.
 και ουκ ισχυον αντιστηναι τη σοφια και τω πνευματι ω ελαλει
- 11 Lè yo wè sa, yo peye kèk moun pou di: Nou tande l' ap pale mal sou Moyiz ak sou Bondye.
 Then they got men to say, He has said evil against Moses and against God, in our hearing.
 τοτε υπεβαλον ανδρας λεγοντας οτι ακηκοαμεν αυτου λαλουντος ρηματα βλασφημα εις μωσην και τον θεον
- 12 Se konsa, yo moute tèt pèp la ansanm ak chèf fanmi yo ak dirèktè lalwa yo. Y' al kot Etyèn, yo mete men sou li, yo trennen l' devan Gran Konsèy la.
 And the people, with the rulers and the scribes, were moved against him, and they came and took him before the Sanhedrin,
 συνεκινήσαν τε τον λαον και τους πρεσβυτερους και τους γραμματαις και επισταντες συνηρπασαν αυτον και ηγαγον εις το συνεδριον
- 13 Yo mennen lòt moun tou pou fè manti sou li, yo t'ap di: Nonm sa a pa sispann pale mal sou tanp Bondye a ak sou lalwa Moyiz la.
 And they got false witnesses who said, This man is for ever saying things against this holy place and against the law:
 εστησαν τε μαρτυρας ψευδεις λεγοντας ο ανθρωπος ουτος ου παυεται ρηματα βλασφημα λαλων κατα του τοπου του αγιου τουτου και του νομου
- 14 Nou tande l' di konsa: Jezi, moun Nazarèt la, gen pou kraze tanp lan, l'ap chanje tout koutim Moyiz te kite pou nou yo.
 For he has said in our hearing that this Jesus of Nazareth will put this place to destruction and make changes in the rules which were handed down to us by Moses.
 ακηκοαμεν γαρ αυτου λεγοντος οτι ιησους ο ναζωραιος ουτος καταλυσει τον τοπον τουτου και αλλαξει τα εθη α παρεδωκεν ημιν μωσης
- 15 Tout moun ki te chita nan sal reyinyon Gran Konsèy la te gen je yo fikse sou Etyèn. Yo te wè figi l' te sanble ak figi yon zanj Bondye.
 And all those who were in the Sanhedrin, looking at him, saw that his face was like the face of an angel.
 και ατενισαντες εις αυτον απαντες οι καθεζομενοι εν τω συνεδριω ειδον το προσωπον αυτου ωσει προσωπον αγγελου
- 1 ¶ Granprèt la mande Etyèn: Eske se vre?
 Then the high priest said, Are these things true?
 ειπεν δε ο αρχιερευς ει αρα ταυτα ουτως εχει
- 2 Etyèn reponn: Frè m' yo, grandèt mwen yo, koute. Bondye, ki gen bèl pouvwa a, te parèt devan Abraram, zansèt nou. Lè sa a, li te rete nan peyi Mezopotami, li pa t' ankò vin rete Karan.
 And he said, My brothers and fathers, give hearing. The God of glory came to our father Abraham, when he was in Mesopotamia, before he was living in Haran,
 ο δε εφη ανδρες αδελφοι και πατερες ακουσατε ο θεος της δοξης ωφθη τω πατρι ημων αβρααμ οντι εν τη μεσοποταμια πριν η κατοικησαι αυτον εν харран

- 3 Bondye di l' konsa: Kite peyi ou la, kite tout fanmi ou yo ladan l'. Ale nan peyi m'a moutre ou la.
And said to him, Go out of your land, and away from your family, and come into the land to which I will be your guide.
 και ειπεν προς αυτον εξελθε εκ της γης σου και εκ της συγγενειας σου και δευρο εις γην ην αν σοι δειξω
- 4 Se konsa, Abraram kite peyi kaldeyen yo, li al rete Karan. Lè papa Abraram mouri, Bondye fè l' kite Karan vin nan peyi kote n'ap viv koulye a.
Then he came out of the land of the Chaldaeans, and went into Haran; and from there, when his father was dead, he was guided by God into this land, where you are living now:
 τότε εξελθων εκ γης χαλδαιων κατοκησεν εν χαρραν κακειθεν μετα το αποθανειν τον πατερα αυτου μετωκισεν αυτον εις την γην ταυτην εις ην υμεις νυν κατοικειτε
- 5 Lè sa a, Bondye pa t' bay Abraram okenn bitasyon nan peyi a, pa menm yon ti pous tè. Men, Bondye te pwomèt li t'ap ba l' peyi a ki t'ap rete nèt pou li ak pou pitit pitit li yo. Men, lè sa a Abraram pa t' gen pitit.
And God gave him no heritage in it, not even enough to put his foot on: but he gave him an undertaking that he would give it to him and to his children after him, though he had no child at that time.
 και ουκ εδωκεν αυτω κληρονομια εν αυτη ουδε βημα ποδος και επιγγελιατο αυτω δουναι εις κατασχισιν αυτην και τω σπερματι αυτου μετ αυτον ουκ οντος αυτω τεκνου
- 6 Men sa Bondye te di l': Pitit pitit ou yo gen pou y' al viv nan yon peyi etranje, kote y'ap fè yo tounen esklav, kote y'ap maltrete yo pandan katsanzan (400 an).
And God said that his seed would be living in a strange land, and that they would make them servants, and be cruel to them for four hundred years.
 ελαλησεν δε ουτως ο θεος οτι εσται το σπερμα αυτου παροικον εν γη αλλοτρια και δουλωσουσιν αυτο και κακωσουσιν ετη τετρακοσια
- 7 Men, Bondye di l' ankò: Se mwen menm k'ap peni nasyon ki va pran yo fè esklav la. Apre sa, y'a soti kite peyi etranje sa a, y'a vin sèvi m' isit la.
And I will be the judge, said God, of that nation which made them servants: and after that, they will come out and give me worship in this place.
 και το εθνος ω εαν δουλευσουσιν κρινω εγω ειπεν ο θεος και μετα ταυτα εξελευσονται και λατρευσουσιν μοι εν τω τοπω τουτω
- 8 Apre sa, Bondye pase yon kontra ak Abraram, li ba li sikonsizyon an pou sèvi mak kontra a. Se konsa Abraram te sikonsi Izarak, pitit gason l' lan, wit jou apre l' te fèt. Menm jan an tou, Izarak te sikonsi Jakòb, pitit li a. Jakòb menm sikonsi douz pitit li yo, zansèt douz branch fanmi pèp Izrayèl la.
And he made with him the agreement of which circumcision was the sign. And so Abraham had a son, Isaac, and gave him circumcision on the eighth day; and Isaac had a son, Jacob, and Jacob was the father of the twelve heads of the families of Israel.
 και εδωκεν αυτω διαθηκην περιτομης και ουτως εγεννησεν τον ισαακ και περιετεμεν αυτον τη ημερα τη ογδοη και ο ισαακ τον ιακωβ και ο ιακωβ τους δωδεκα πατριαρχας
- 9 Pitit Jakòb yo, zansèt nou yo, fè jalouzi pou Jozèf. Yo vann li tankou yon esklav nan peyi Lejip. Men, Bondye te kanpe la avèk Jozèf.
And the brothers, moved with envy against Joseph, gave him to the Egyptians for money: but God was with him,
 και οι πατριαρχαι ζηλωσαντες τον ιωσηφ απεδοντο εις αιγυπτον και ην ο θεος μετ αυτου
- 10 Li delivre l' nan tout malè li. Lè Jozèf parèt devan farawon an, wa peyi Lejip la, Bondye ba l' bon konprann, li fè l' aji yon jan ki fè wa a plezi. Farawon an mete Jozèf chèf pou l' gouvènè tout peyi Lejip la ansanm ak kay wa a tou.
And made him free from all his troubles, and gave him wisdom and the approval of Pharaoh, king of Egypt, who made him ruler over Egypt and all his house.
 και εξειλετο αυτον εκ πασων των θλιψεων αυτου και εδωκεν αυτω χαριν και σοφιαν εναντιον φαραω βασιλεως αιγυπτου και κατεστησεν αυτον ηγουμενον επ αιγυπτον και ολον τον οικον αυτου
- 11 Apre sa, vin gen yon grangou nan tout peyi Lejip ak nan peyi Kanaran. Moun t'ap soufri anpil. Zansèt nou yo pa t' jwenn anyen pou yo te manje.
Now there was no food to be had in all Egypt and Canaan, and there was great trouble: and our fathers were not able to get food.
 ηλθεν δε λιμος εφ ολην την γην αιγυπτου και χανααν και θλιψις μεγαλη και ουχ ευρισκον χορτασματα οι πατερες ημων
- 12 Lè Jakòb tande te gen manje nan peyi Lejip, li voye zansèt nou yo la yon premye fwa.
But Jacob, hearing that there was grain in Egypt, sent out our fathers the first time.
 ακουσας δε ιακωβ οντα σιτα εν αιγυπτω εξαπεστειλεν τους πατερας ημων πρωτον
- 13 Dezyèm fwa y' ale a, Jozèf fè frè l' yo rekonèt li. Se konsa farawon an vin fè konesans ak fanmi Jozèf yo.
And the second time his brothers had a meeting with Joseph, and Pharaoh had knowledge of Joseph's family.
 και εν τω δευτερο ανεγνωρισθη ιωσηφ τοις αδελφοις αυτου και φανερον εγενετο τω φαραω το γενος του ιωσηφ
- 14 Jozèf voye chache Jakòb, papa l', ansanm ak tout fanmi li. Lè sa a, yo te swasannkenz moun antou.
Then Joseph sent for Jacob his father and all his family, seventy-five persons.
 αποστειλας δε ιωσηφ μετεκαλεσατο τον πατερα αυτου ιακωβ και πασαν την συγγενειαν αυτου εν ψυχαις εβδομηκοντα πεντε
- 15 Jakòb desann nan peyi Lejip. Se la li mouri, li menm ak tout zansèt nou yo.
And Jacob went down to Egypt, and came to his end there, and so did our fathers;
 κατεβη δε ιακωβ εις αιγυπτον και ετελευτησεν αυτος και οι πατερες ημων

- 16 Yo pote kò yo Sichèm, yo antere yo la, nan twou wòch Abraram te achte nan men eritye Emò yo, lavil Sichèm.
And they were taken over to Shechem, and put to rest in the place which Abraham got for a price in silver from the sons of Hamor in Shechem.
και μετετεθησαν εις συχεμ και ετεθησαν εν τω μνηματι ο ωνησατο αβρααμ τιμησ αργυριου παρα των υιων εμμορ του συχεμ
- 17 ¶ Lè a t'ap pwoche pou Bondye te kenbe pwomès li te fè Abraram lan. Pèp nou an te vin anpil, chak jou li t'ap vin pi plis toujou nan peyi Lejip la.
But when the time was near for putting into effect the undertaking which God had given to Abraham, the people were increasing in Egypt,
καθως δε ηγγιζεν ο χρονος της επαγγελιας ης ωμοσεν ο θεος τω αβρααμ ηυξησεν ο λαος και επληθυνθη εν αιγυπτω
- 18 Yon lòt wa ki pa t' konnen anyen sou Jozèf te pran kòmandman peyi a.
Till another king came to power, who had no knowledge of Joseph.
αχρις ου ανεστη βασιλευσ ετερος οσ ουκ ηδει τον ιωσηφ
- 19 Wa sa a twonpe pèp nou an, li maltrete zansèt nou yo: li fòse yo kite tibebe ki fenk fèt yo deyò pou yo mourì.
He, having evil designs against our nation, was cruel to our fathers, and they were forced to put out their young children, so that they might not go on living.
ουτος κατασοφισαμενος το γενοσ ημων εκακωσεν τους πατερας ημων του ποιειν εκθετα τα βρεφη αυτων εις το μη ζωογονεισθαι
- 20 Se lè sa a Moyiz te fèt: se te yon bèl pitit devan Bondye. Yo te kenbe l' pandan twa mwa lakay papa li pou ba l' tete.
At which time Moses came to birth, and he was very beautiful; and he was kept for three months in his father's house:
εν ω καιρω εγεννηθη μωσησ και ην αστειος τω θεω οσ ανετραφη μηνασ τρεισ εν τω οικω του πατροσ αυτου
- 21 Men, lè yo te lage l' deyò a, pitit fi farawon an te ranmase l': li elve l' tankou pitit pa li.
And when he was put out, Pharaoh's daughter took him and kept him as her son.
εκτεθεντα δε αυτον ανειλετο αυτον η θυγατηρ φαραω και ανεθρεψατο αυτον εαυτη εις υιον
- 22 Se konsa Moyiz te vin gen tout konesans moun peyi Lejip yo. Sou jan l' te pale ak sa l' t'ap fè, yo te wè msye te fò anpil.
And Moses was trained in all the wisdom of Egypt, and was great in his words and works.
και επαιδευθη μωσησ παση σοφια αιγυπτιων ην δε δυνατος εν λογοισ και εν εργοισ
- 23 Lè Moyiz vin gen karantan, li fè lide al vizite frè l' yo, moun pèp Izrayèl yo.
But when he was almost forty years old, it came into his heart to go and see his brothers, the children of Israel.
ωσ δε επληρουτο αυτω τεσσαρακονταετησ χρονος ανεβη επι την καρδιαν αυτου επισκεψασθαι τους αδελφουσ αυτου τους υιουσ ισραηλ
- 24 Lè l' rive, li wè yon moun peyi Lejip ki t'ap maltrete yonn nan frè l' yo, li pran defans nonm yo t'ap maltrete a. Li pran revanji li sou moun peyi Lejip la, li touye li.
And seeing one of them being attacked, he went to his help and gave the Egyptian a death-blow:
και ιδων τινα αδικουμενον ημυνατο και εποιησεν εκδικησιν τω καταπονουμενω παταξασ τον αιγυπτιον
- 25 Li te kwè frè l' yo ta konprann travay Bondye ki te chwazi l' pou delivre yo a. Men, yo pa t' konprann sa.
And he was hoping that his brothers would see that God had sent him to be their saviour; but they did not see.
ενομιζεν δε συνιεναι τους αδελφουσ αυτου οτι ο θεος δια χειροσ αυτου διδωσιν αυτοισ σωτηριαν οι δε ου συνηκαν
- 26 Nan denmen, Moyiz wè de nan moun pèp Izrayèl yo ki t'ap goumen. Li te vle fè yo byen ankò, li di yo: Mezanmi, se frè nou ye. Poukisa yonn ap maltrete lòt konsa?
And the day after, he came to them, while they were having a fight, and would have made peace between them, saying, Sirs, you are brothers; why do you do wrong to one another?
τη τε επιουση ημερα ωφθη αυτοισ μαχομενοισ και συνηλασεν αυτους εις ειρηνην ειπων ανδρες αδελφοι εστε υμεισ ινατι αδικειτε αλληλους
- 27 Men, sa ki t'ap maltrete moun pèp Izrayèl parèy li a bay Moyiz yon zòp, li di l' konsa: Kilès ki mete ou la pou ban nou lòd, osinon pou jije nou?
But the man who was doing wrong to his neighbour, pushing him away, said, Who made you a ruler and a judge over us?
ο δε αδικων τον πλησιον απωσατο αυτον ειπων τισ σε κατεστησεν αρχοντα και δικαστην εφ ημασ
- 28 Gen lè ou vle touye m' menm jan ou te touye moun peyi Lejip ayè a?
Will you put me to death as you did the Egyptian yesterday?
μη ανελειν με συ θελεισ ον τροπον ανειλεσ χθεσ τον αιγυπτιον
- 29 Lè Moyiz tande pawòl sa yo, li kouri kite peyi a, li al viv nan peyi Madyan. Antan l' te la, li fè de pitit gason.
And at these words, Moses went in flight to the land of Midian, and was living there for a time, and had two sons.
εφυγεν δε μωσησ εν τω λογω τουτω και εγενετο παροικος εν γη μαδιαμ ου εγεννησεν υιουσ δυο

- 30 ¶ Karantan apre sa, yon zanj Bondye parèt devan Moyiz nan yon flanm dife ki t'ap boule yon ti touf bwa nan mitan dezè ki bò Mòn Sinayi a.
At the end of forty years, an angel came to him in the waste land of Sinai, in the flame of a burning thorn-tree.
και πληρωθεντων ετων τεσσαρακοντα ωφθη αυτω εν τη ερημω του ορους σινα αγγελος κυριου εν φλογι πυρος βατου
- 31 Moyiz te sezi lè l' wè aparisyon sa a. Antan l' t'ap pwoche pou gade l' pi pre, li tande vwa Bondye ki t'ap di:
And Moses, seeing it, was full of wonder, and when he came up to have a nearer view of it, the voice of the Lord came to him, saying,
ο δε μωσης ιδων εθαυμασεν το οραμα προσερχομενου δε αυτου κατανοησαι εγενετο φωνη κυριου προς αυτον
- 32 Se mwen menm ki Bondye zansèt ou yo, Bondye Abraram, Bondye Izarak ak Bondye Jakòb. Moyiz pran tranble sitèlman li te pè. Li pa menm louvri je l' pou l' gade.
I am the God of your fathers, the God of Abraham and of Isaac and of Jacob. And Moses, shaking with fear, kept his eyes from looking at it.
εγω ο θεος των πατερων σου ο θεος αβρααμ και ο θεος ισαακ και ο θεος ιακωβ εντρομος δε γενομενος μωσης ουκ ετολμα κατανοησαι
- 33 Lè sa a Bondye di l' ankò: Wete sapat ou, paske kote ou ye a se yon tè ki apa pou Bondye.
And the Lord said, Take off the shoes from your feet, for the place where you are is holy.
ειπεν δε αυτω ο κυριος λυσον το υποδημα των ποδων σου ο γαρ τοπος εν ω εστηκας γη αγια εστιν
- 34 Mwen wè tray pèp mwen an ap pase nan peyi Lejip, mwen tande jan li ap plenn, mwen desann vin delivre yo. Koulye a, ale non. Se mwen menm k'ap voye ou nan peyi Lejip.
Truly, I have seen the sorrows of my people in Egypt, and their cries have come to my ears, and I have come down to make them free: and now, come, I will send you to Egypt.
ιδων ειδων την κακωσιν του λαου μου του εν αιγυπτω και του στεναγμου αυτων ηκουσα και κατεβην εξελεσθαι αυτους και νυν δευρο αποστελω σε εις αιγυπτον
- 35 Moun pèp Izrayèl yo te voye Moyiz jete lè yo te di: Kilès ki mete ou la pou ban nou lòd osinon pou jijje nou? Se menm Moyiz sa a Bondye te voye pou kòmande yo, pou delivre yo avèk konkou zanj ki te parèt nan ti touf bwa a.
This Moses, whom they would not have, saying, Who made you a ruler and a judge? him God sent to be a ruler and a saviour, by the hand of the angel whom he saw in the thorn-tree.
τουτον τον μωσην ον ηρησαντο ειποντες τις σε κατεστησεν αρχοντα και δικαστην τουτον ο θεος αρχοντα και λυτρωτην απεστειλεν εν χειρι αγγελου του οφθεντος αυτω εν τη βατω
- 36 Se Moyiz ki fè pèp Izrayèl la soti kite peyi Lejip, avèk tout mirak ak tout bèl bagay li te fè nan peyi a bò lanmè Wouj la ak nan dezè a pandan karantan.
This man took them out, having done wonders and signs in Egypt and in the Red Sea and in the waste land, for forty years.
ουτος εξηγαγεν αυτους ποιησας τερατα και σημεια εν γη αιγυπτου και εν ερυθρα θαλασση και εν τη ερημω ετη τεσσαρακοντα
- 37 Se menm Moyiz sa a ki te di pèp Izrayèl la: Bondye gen pou l' voye yon pwofèt ban nou tankou l' te voye m' lan: se va yonn nan frè nou yo.
This is the same Moses, who said to the children of Israel, God will give you a prophet from among your brothers, like me.
ουτος εστιν ο μωσης ο ειπων τοις υιοις ισραηλ προφητην υμιν αναστησει κυριος ο θεος υμων εκ των αδελφων υμων ως εμε αυτου ακουσεσθε
- 38 Se li menm ki te la ak pèp Izrayèl la lè yo te sanble nan gwo dezè a; li te la avèk zansèt nou yo ansanm ak zanj Bondye a ki t'ap pale avè l' sou gwo mòn Sinayi a. Se li menm ki te resewva pawòl ki bay lavi a nan men Bondye epi ki pase yo ban nou.
This is the man who was in the church in the waste land with the angel who was talking to him in Sinai, and with our fathers; and to him were given the living words of God, so that he might give them to you.
ουτος εστιν ο γενομενος εν τη εκκλησια εν τη ερημω μετα του αγγελου του λαλουντος αυτω εν τω ορει σινα και των πατερων ημων ος εδεξατο λογια ζωντα δουναι ημιν
- 39 Men, zansèt nou yo pa t' vle obeyi l'; yo mete l' sou kote, epi yo te anvi tounen Lejip.
By whom our fathers would not be controlled; but they put him on one side, turning back in their hearts to Egypt,
ω ουκ ηθελησαν υπηκοοι γενεσθαι οι πατερες ημων αλλ απωσαντο και εστραφησαν ταις καρδιαις αυτων εις αιγυπτον
- 40 Yo di Arawon: Fè lòt bondye ki pou mache devan nou, paske nou pa konnen sa ki rive nonm yo rele Moyiz la ki te fè nou soti kite peyi Lejip la.
And saying to Aaron, Make us gods to go before us: as for this Moses, who took us out of the land of Egypt, we have no idea what has become of him.
ειποντες τω ααρων ποιησον ημιν θεους οι προπορευουσιν ημων ο γαρ μωσης ουτος ος εξηγαγεν ημας εκ γης αιγυπτου ουκ οίδαμεν τι γεγονεν αυτω
- 41 Lè sa a, yo fè yon estati an fòm yon ti towò bèf, epi yo touye bèt ofri bay zidòl la. Yo te kontan pou sa yo te fè ak men yo a.
And they made the image of a young ox in those days, and made an offering to it, and had joy in the work of their hands.
και εμοσχοποιησαν εν ταις ημεραις εκειναις και ανηγαγον θυσιαν τω ειδωλω και ευφραινοντο εν τοις εργασις των χειρων αυτων

- 42 ¶ Men, Bondye vire do l' ba yo, li kite yo adore zetwal ki nan syèl la, jan sa te ekri nan Liv pwofèt yo: Nou menm pèp Izrayèl, èske se pou mwen nou te fè ofrann bèt ak lòt sakrifis, pandan karantan nou pase nan gwo dezè a?
But God was turned from them and let them give worship to the stars of heaven, as it says in the book of the prophets, Did you make offerings to me of sheep and oxen for forty years in the waste land, O house of Israel?
 εστρεψεν δε ο θεος και παρεδωκεν αυτους λατρευειν τη στρατια του ουρανου καθως γεγραπται εν βιβλω των προφητων μη σφαγια και θυσιας προσηνεγκατε μοι ετη τεσσαρακοντα εν τη ερημω οικος ισραηλ.
- 43 Non, se pa t' pou mwen. Men, nou redi pote wogatwa zidòl Molòk la, ansanm ak pòtre zetwal Refan, bondye nou an, bann zidòl nou te fè ak men nou pou n' adore! Se poutèt sa, m'ap voye nou jouk lòt bò Babilòn.
And you took up the tent of Moloch and the star of the god Rephan, images which you made to give worship to them: and I will take you away, farther than Babylon.
 και ανελαβετε την σκινην του μολοχ και το αστρον του θεου υμων ρεμφαν τους τυπους ους εποιησατε προσκυνειν αυτοις και μετοικιω υμας επεκεινα βαβυλωνος
- 44 Nan gwo dezè a, zansèt nou yo te gen yon tant kote yo te fèmen de wòch plat lalwa yo. Yo te fè l' jan Bondye te mande Moyiz pou l' fè l' la, dapre modèl li te moutre Moyiz la.
Our fathers had the Tent of witness in the waste land, as God gave orders to Moses to make it after the design which he had seen.
 η σκινη του μαρτυριου ην εν τοις πατρασιν ημων εν τη ερημω καθως διαταξατο ο λαλων τω μοση ποιησαι αυτην κατα τον τυπον ον εωρακει
- 45 Yo pase tant sa a bay grandèt nou yo ki te vin apre. Grandèt nou yo menm te pote l' avèk yo lè Jozye t'ap mennen yo pou yo pran peyi a nan men pèp Bondye t'ap chase met deyò devan yo. Tant la rete la jouk sou tan David.
Which our fathers, in their turn, took with them when, with Joshua, they came into the heritage of the nations whom God was driving out before the face of our fathers, till the time of David,
 ην και εισηγαγον διαδεξαμενοι οι πατερες ημων μετα ιησου εν τη κατασχεσει των εθνων ον εξωσεν ο θεος απο προσωπου των πατερων ημων εως των ημερων δαβιδ
- 46 David te jwenn favè Bondye, li te mande l' pèmisyon pou l' te fè yon kay pou Bondye Jakòb la.
Who was pleasing to God; and he had a desire to make a holy tent for the God of Jacob.
 ος ευρεν χαριν ενωπιον του θεου και ητησατο ευρειν σκηνωμα τω θεω ιακωβ
- 47 Men se Salomon ki te bati kay la pou li.
But Solomon was the builder of his house.
 σολομων δε ωκοδομησεν αυτω οικον
- 48 Men, Bondye ki anwo nan syèl la pa rete nan kay moun bati ak men yo. Men sa pwofèt la di:
But still, the Most High has not his resting-place in houses made with hands, as the prophet says,
 αλλ ουχ ο υψιστος εν χειροποιητοις ναοις κατοικει καθως ο προφητης λεγει
- 49 Syèl la se fòtèy kote m' chita a. Se Bondye ki di sa. Tè a se yon ti ban pou m' lonje pye mwen. Ki kalite kay nou ta ka bati pou mwen? Ki kote nou ta ka ban mwen pou m' poze kò m'?
Heaven is the seat of my power, and earth is a resting-place for my feet: what sort of house will you make for me, says the Lord, or what is my place of rest?
 ο ουρανος μοι θρονος η δε γη υποποδιον των ποδων μου ποιον οικον οικοδομησατε μοι λεγει κυριος η τις τοπος της καταπαυσεως μου
- 50 Eske se pa mwen ki fè tout bagay sa yo?
Did not my hand make all these things?
 ουχι η χειρ μου εποιησεν ταυτα παντα
- 51 ¶ Ala moun gen tèt di! Tankou moun lòt nasyon yo, nou fèmen kè nou, nou fèmen zòrèy nou bay Bondye, n'ap kenbe tèt ak Sentespri toujou. Nou tankou zansèt nou yo.
You whose hearts are hard and whose ears are shut to me; you are ever working against the Holy Spirit; as your fathers did, so do you.
 σκληροτραχηλοι και απεριτμητοι τη καρδια και τοις ωσιν υμεις αιει τω πνευματι τω αγιω αντιπιπτετε ως οι πατερες υμων και υμεις
- 52 Kilès nan pwofèt yo zansèt nou yo pa t' pèsèkite? Yo te touye tout pwofèt ki te fè konnen davans ki jan Sèvitè Bondye a te gen pou vini. Koulye a, se Sèvitè Bondye a menm nou trayi, se li menm nou touye.
Which of the prophets was not cruelly attacked by your fathers? and they put to death those who gave them the news of the coming of the Upright One; whom you have now given up and put to death;
 τινα των προφητων ουκ εδιωξαν οι πατερες υμων και απεκτειναν τους προκαταγγειλαντας περι της ελευσεως του δικαιου ου νυν υμεις προδοται και φονεις γεγενησθε
- 53 Se nou menm ki te resewva lalwa Moyiz nan men zanj Bondye yo, epi se nou menm ankò ki pa obeyi li.
You, to whom the law was given as it was ordered by angels, and who have not kept it.
 οτινες ελαβετε τον νομον εις διαταγας αγγελων και ουκ εφυλαξατε

- 54 ¶ Lè manm Gran Konsèy yo tande pawòl sa yo, yo fin pran chenn, yo manje dan yo sou Etyèn sitèlman yo te an kolè.
Hearing these things, they were cut to the heart and moved with wrath against him.
ακουοντες δε ταυτα διεπριοντο ταις καρδιαις αυτων και εβρυχον τους οδοντας επ αυτον
- 55 Men Etyèn, anba pounwa Sentespri, leve je l' anlè, li gade syèl la. Li wè tout bèl pounwa Bondye a ansanm ak Jezi kanpe sou bò dwat Bondye.
But he was full of the Holy Spirit, and looking up to heaven, he saw the glory of God and Jesus at the right hand of God.
υπαρχων δε πληρης πνευματος αγιου ατενισας εις τον ουρανον ειδεν δοξαν θεου και ιησουν εστωτα εκ δεξιων του θεου
- 56 Li di: Gade, men mwen wè syèl la louvri, ak Moun Bondye voye nan lachè a kanpe sou bò dwat Bondye.
And he said, Now I see heaven open, and the Son of man at the right hand of God.
και ειπεν ιδου θεωρω τους ουρανους ανεωγμενους και τον υιον του ανθρωπου εκ δεξιων εστωτα του θεου
- 57 Moun yo pran rele byen fò, yo bouche zòrèy yo. Epi yo tout tonbe sou li ansanm.
But with loud cries, and stopping their ears, they made an attack on him all together,
κραζαντες δε φωνη μεγαλη συνεσχον τα ωτα αυτων και ωρμησαν ομοθυμαδον επ αυτον
- 58 Yo trennen l' deyò lavil la. Yo touye l' ak kout wòch. Moun ki t'ap akize Etyèn yo te mete rad yo nan pye yon jenn gason yo te rele Sòl.
Driving him out of the town and stoning him: and the witnesses put their clothing at the feet of a young man named Saul.
και εκβαλοντες εξω της πολεως ελιθοβολουν και οι μαρτυρες απεθεντο τα ιματια αυτων παρα τους ποδας νεανιου καλουμενου σαυλου
- 59 Pandan yo t'ap voye wòch sou Etyèn, Etyèn menm t'ap lapriyè, li t'ap di: Seyè Jezi, resevwa lespri mwen.
And Stephen, while he was being stoned, made prayer to God, saying, Lord Jesus, take my spirit.
και ελιθοβολουν τον στεφανον επικαλουμενον και λεγοντα κυριε ιησου δεξαι το πνευμα μου
- 60 Apre sa, li tonbe ajenou, li rele byen fò: Seyè, pa mete peche sa a sou kont yo. Lè l' fin di sa, li mouri.
And going down on his knees, he said in a loud voice, Lord, do not make them responsible for this sin. And when he had said this, he went to his rest.
θεις δε τα γονατα εκραζεν φωνη μεγαλη κυριε μη στησης αυτοις την αμαρτιαν ταυτην και τουτο ειπων εκοιμηθη
- 1 ¶ Sòl menm te dakò pou yo te touye Etyèn. Menm jou sa a, yo kòmanse pèsekite legliz Jerizalèm lan anpil. Tout disip yo gaye kò yo nan peyi Jide ak nan peyi Samari. Se apòt yo sèlman ki te rete Jerizalèm.
And Saul gave approval to his death. Now at that time a violent attack was started against the church in Jerusalem; and all but the Apostles went away into all parts of Judaea and Samaria.
σαυλος δε ην συνευδοκων τη αναιρεσει αυτου εγενετο δε εν εκεινη τη ημερα διωγμος μεγας επι την εκκλησιαν την εν ιεροσολυμοις παντες τε διεσπαρησαν κατα τας χωρας της ιουδαιας και σαμαρειας πλην των αποστολων
- 2 Kèk moun ki renmen Bondye te antere Etyèn, yo te kriye anpil pou li.
And God-fearing men put Stephen's body in its last resting-place, making great weeping over him.
συνεκομισαν δε τον στεφανον ανδρες ευλαβεις και εποησαντο κοπετον μεγαν επ αυτω
- 3 Sòl menm te soté pou l' fini ak legliz la. Li mache kay an kay, li trennen tout moun ki kwè yo rache yo met deyò pa fòs, li fè fèmen fanm kou gason nan prizon.
But Saul was burning with hate against the church, going into every house and taking men and women and putting them in prison.
σαυλος δε ελυμαινετο την εκκλησιαν κατα τους οικους εισπορευομενος συρων τε ανδρας και γυναικας παρεδιδου εις φυλακην
- 4 ¶ Disip ki te gaye nan peyi a t'ap anonse bon nouvèl la toupatou.
But those who had gone in flight went everywhere preaching the word.
οι μεν ουν διασπαρευτες διηλθον ευαγγελιζομενοι τον λογον
- 5 Se konsa Filip al nan yon lavil peyi Samari. Rive la li tanmen pale sou Kris la bay moun yo.
And Philip went down to Samaria and was teaching them about Christ.
φιλιππος δε κατελθων εις πολιν της σαμαρειας εκηρυσσεν αυτοις τον χριστον
- 6 Foul moun yo mete tèt yo ansanm, yo t'ap swiv sa Filip t'ap di yo: yo t'ap koute l', yo t'ap wè mirak li t'ap fè.
And all the people gave attention to the words which Philip said, when they saw the signs which he did.
προσειχον τε οι οχλοι τοις λεγομενοις υπο του φιλιππου ομοθυμαδον εν τω ακουειν αυτους και βλεπειν τα σημεια α εποιει

- 7 Move lespri yo t'ap pouse gwo rèl lè Filip t'ap chase yo soti sou anpil moun malad. Li te geri anpil moun paralize ak moun enfim tou.
For unclean spirits came out from those who had them, crying with a loud voice; and a number of those who were ill and broken in body were made well.
πολλων γαρ των εχοντων πνευματα ακαθαρτα βοωντα μεγαλη φωνη εξηρχετο πολλοι δε παραλελυμενοι και χωλοι εθεραπευθησαν
- 8 Se konsa te gen yon gwo kontantman nan tout lavil la.
And there was much joy in that town.
και εγενετο χαρα μεγαλη εν τη πολει εκεινη
- 9 Nan lavil sa a te gen yon nonm yo rele Simon. Metye l' se fè maji. Simon sa a te yon sezisman pou tout moun Samari. Li te fè tèt li pase pou yon grannèg.
But there was a certain man named Simon, who in the past had been a wonder-worker and a cause of surprise to the people of Samaria, saying that he himself was a great man:
ανηρ δε τις ονοματι σιμων προυπηρχεν εν τη πολει μαγευων και εξιστων το εθνος της σαμαρειας λεγων ειναι τινα εαυτον μεγαν
- 10 Tout moun, piti kou gran, t'ap swiv tou sa li t'ap fè. Yo t'ap di: Nonm sa a gen pouvwa Bondye, sa yo rele gwo pouvwa a, nan tèt li.
To whom they all gave attention, from the smallest to the greatest, saying, This man is that power of God which is named Great.
ω προσειχον παντες απο μικρου εως μεγαλου λεγοντες ουτος εστιν η δυναμις του θεου η μεγαλη
- 11 Se konsa yo t'ap swiv tou sa li t'ap fè paske depi lontan yo te egare devan maji l' yo.
And they gave attention to him, because for a long time his wonder-working powers had kept them under his control.
προσειχον δε αυτω δια το ικανω χρονω ταις μαγειαις εξεστακεναι αυτους
- 12 Men, lè Filip anonse bon nouvèl peyi kote Bondye wa a, lè l' fè yo konnen non Jezi Kris la, moun yo kwè pawòl la; fanm kou gason resevwa batèm.
But when they had faith in the good news given by Philip about the kingdom of God and the name of Jesus Christ, a number of men and women had baptism.
οτε δε επιστευσαν τω φιλιππω ευαγγελιζομενω τα περι της βασιλειας του θεου και του ονοματος του ιησου χριστου εβαπτιζοντο ανδρες τε και γυναικες
- 13 Ata Simon te kwè. Li menm tou li te resevwa batèm. Apre sa, li te toujou avèk Filip, li te sezi wè bèl bagay ak mirak li t'ap fè.
And Simon himself had faith and, having had baptism, he went with Philip and, seeing the signs and the great wonders which he did, he was full of surprise.
ο δε σιμων και αυτος επιστευσεν και βαπτισθεις ην προσκαρτερων τω φιλιππω θεωρων τε σημεια και δυναμεις μεγαλας γινομενας εξιστατο
- 14 ¶ Apòt yo menm ki te lavil Jerizalèm, lè yo tande moun Samari te asepte pawòl Bondye a, yo voye Pyè ak Jan bò kote yo.
Now when the Apostles at Jerusalem had news that the people of Samaria had taken the word of God into their hearts, they sent to them Peter and John;
ακουσαντες δε οι εν ιεροσολυμοις αποστολοι οτι δεδεκται η σαμαρεια τον λογον του θεου απεστειλαν προς αυτους τον πετρον και ιωαννην
- 15 Lè Pyè ak Jan rive Samari, yo lapriyè pou moun ki kwè yo pou yo te kapab resevwa Sentespri,
Who, when they came there, made prayer for them, that the Holy Spirit might be given to them:
οιτινες καταβαντες προσηυξαντο περι αυτων οπως λαβωσιν πνευμα αγιον
- 16 paske Sentespri a pa t' ankò desann sou okenn nan yo. Yo te resevwa batèm nan non Seyè Jezi a sèlman.
For up to that time he had not come on any of them; only baptism had been given to them in the name of the Lord Jesus.
ουπω γαρ ην επ ουδενι αυτων επιπετωκος μονον δε βεβαπτισμενοι υπηρχον εις το ονομα του κυριου ιησου
- 17 Lè sa a, Pyè ak Jan mete men sou tèt yo, yo resevwa Sentespri.
Then they put their hands on them, and the Holy Spirit came on them.
τοτε επιτιθουν τας χειρας επ αυτους και ελαμβανον πνευμα αγιον
- 18 Simon te wè jan moun yo te resevwa Sentespri lè apòt yo mete men sou tèt yo. Li ofri Pye ak Jan lajan.
Now when Simon saw that the Holy Spirit was given through the touch of the Apostles' hands, he made them an offering of money, saying,
θεασαμενος δε ο σιμων οτι δια της επιθεσεως των χειρων των αποστολων διδοται το πνευμα το αγιον προσηνεγκεν αυτοις χρηματα
- 19 Li di yo: Ban m' pouvwa sa a tou, pou lè m' mete men m' sou tèt yon moun li ka resevwa Sentespri a tou.
Give me this power, so that when I put my hands on anyone he may get the Holy Spirit.
λεγων δοτε καμοι την εξουσιαν ταυτην ινα ω αν επιθω τας χειρας λαμβανη πνευμα αγιον
- 20 Men, Pyè di li: Al mouri ansanm ak tout lajan ou lan! Sa Bondye fè kado, ou kwè moun ka achte sa ak lajan?
But Peter said, May your money come to destruction with you, because you had the idea that what is freely given by God may be got for a price.
πετρος δε ειπεν προς αυτον το αργυριον σου συν σοι ειη εις απωλειαν οτι την δωρεαν του θεου ενομισας δια χρηματων κτασθαι

- 21 Nan travay sa a, pa gen anyen pou ou; ou pa gen dwa ladan l' paske kè ou pa dwat devan Bondye.
 You have no part in this business, because your heart is not right before God.
 ουκ εστιν σοι μερις ουδε κληρος εν τω λογω τουτω η γαρ καρδια σου ουκ εστιν ευθεια ενωπιον του θεου
- 22 Wete move lide sa a nan tèt ou, lapriyè Bondye pou ou wè si la padonnen ou dèske ou te fè lide sa a.
 Let your heart be changed, and make prayer to God that you may have forgiveness for your evil thoughts.
 μετανοησον ουν απο της κακιας σου ταυτης και δεηθητι του θεου ει αρα αφεθησεται σοι η επινοια της καρδιας σου
- 23 Paske mwen wè kè ou anmè kou fyèl, peche fin mare nanm ou.
 For I see that you are prisoned in bitter envy and the chains of sin.
 εις γαρ χολην πικριας και συνδεσμον αδικιας ορω σε οντα
- 24 Lè sa a, Simon di Pyè ak Jan konsa: Tanpri souple, lapriyè Bondye pou mwen, pou anyen nan sa nou di a pa rive mwen.
 And Simon, answering, said, Make prayer for me to the Lord, so that these things which you have said may not come on me.
 αποκριθεις δε ο σιμων ειπεν δεηθητε υμεις υπερ εμου προς τον κυριον οπως μηδεν επελθη επ εμε ων ειρηκατε
- 25 Lè Pyè ak Jan fin rann temwayaj sa a, lè yo fin bay mesaj Bondye a, yo tounen lavil Jerizalèm. Sou tout wout la, yo t'ap bay bon nouvèl la nan anpil bouk peyi Samari.
 So they, having given their witness and made clear the word of the Lord, went back to Jerusalem, giving the good news on their way in a number of the small towns of Samaria.
 οι μεν ουν διαμαρτυραμενοι και λαλησαντες τον λογον του κυριου υπεστρεψαν εις ιερουσαλημ πολλας τε κωμας των σαμαρειτων ευηγγελισαντο
- 26 ¶ Yon zanj Bondye pale ak Filip, li di li: Leve non! Al nan direksyon sid, sou wout ki soti lavil Jerizalèm pou desann Gaza a. (Wout sa a, moun pa fasil pase sou li ankò.)
 But an angel of the Lord said to Philip, Get up, and go to the south, to the road which goes from Jerusalem to Gaza, through the waste land.
 αγγελος δε κυριου ελαλησεν προς φιλιππον λεγων αναστηθι και πορευου κατα μεσημβριαν επι την οδον την καταβαινουσαν απο ιερουσαλημ εις γαζαν αυτη εστιν ερημος
- 27 Filip leve, li pati. Antan l' sou wout la, yon nonm parèt devan l'; se te yon moun peyi Letiopi, yon nèg konfyans. Li te yon gwo chèf nan peyi Letiopi. Se li menm ki te responsab tout richès Kandas, larenn peyi a. Li te moute lavil Jerizalèm pou adore Bondye.
 And he went and there was a man of Ethiopia, a servant of great authority under Candace, queen of the Ethiopians, and controller of all her property, who had come up to Jerusalem for worship;
 και αναστας επορευθη και ιδου ανηρ αιθιοψ ευνουχος δυναστης κανδακης της βασιλισσης αιθιοπων ος ην επι πασης της γαζης αυτης ος εληλυθει προσκυνησων εις ιερουσαλημ
- 28 Antan li t'ap tounen nan peyi l', li te chita nan cha li, li t'ap li nan liv pwofèt Ezayi a.
 He was going back, seated in his carriage, and was reading the book of the prophet Isaiah.
 ην τε υποστρεφων και καθημενος επι του αρματος αυτου και ανεγινωσκεν τον προφητην ησαιαν
- 29 Sentespri di Filip konsa: Leve pye ou, rive toupre cha a.
 And the Spirit said to Philip, Go near, and get on his carriage.
 ειπεν δε το πνευμα τω φιλιπω προσελθε και κολληθητι τω αρματι τουτω
- 30 Filip kouri ale bò cha a, li tande moun peyi Letiopi a ki t'ap li nan liv pwofèt Ezayi a. Li mande li: Eske ou konprann sa w'ap li la a?
 And Philip, running up to him, saw that he was reading Isaiah the prophet, and said to him, Is the sense of what you are reading clear to you?
 προσδραμων δε ο φιλιπος ηκουσεν αυτου αναγινωσκοντος τον προφητην ησαιαν και ειπεν αρα γε γινωσκεις α αναγινωσκεις
- 31 Nonm lan reponn li: Ki jan pou m' fè konprann si m' pa jwenn moun pou esplike mwen? Epi li mande Filip pou l' moute nan cha a, vin chita bò kote li.
 And he said, How is that possible when I have no guide? And he made Philip get up by his side.
 ο δε ειπεν πως γαρ αν δυναιμην εαν μη τις οδηγηση με παρεκαλεσεν τε τον φιλιππον αναβαντα καθισαι συν αυτω
- 32 Men pasaj li t'ap li nan liv la: Li te tankou yon mouton yo t'ap mennen labatwa. Li te tankou yon ti mouton ki pa janm rele lè y'ap taye lenn sou do li. Li pa janm louvri bouch li di anyen.
 Now the place in the book where he was reading was this: He was taken, like a sheep, to be put to death; and as a lamb is quiet when its wool is being cut, so he made no sound:
 η δε περιοχη της γραφης ην ανεγινωσκεν ην αυτη ως προβατον επι σφαγην ηχθη και ως αμνος εναντιον του κειροντος αυτον αφωνος ουτως ουκ ανοιγει το στομα αυτου
- 33 Yo te desann li ba anpil, yo refize fè l' jistis. Pesonn p'ap nonmen non pitit pitit li. Paske, lavi l' sou latè fini nèt.
 Being of low degree, his cause was not given a hearing: who has knowledge of his family? for his life is cut off from the earth.
 εν τη ταπεινωσει αυτου η κρισις αυτου ηρθη την δε γενεαν αυτου τις διηγησεται οτι αιρεται απο της γης η ζωη αυτου
- 34 Chèf peyi Letiopi a mande Filip: Di m' non, ki moun pwofèt la ap pale konsa: tèt pa l' osinon yon lòt moun?
 And the Ethiopian said to Philip, About whom are these words said by the prophet? about himself, or some other?
 αποκριθεις δε ο ευνουχος τω φιλιπω ειπεν δεομαι σου περι τινος ο προφητης λεγει τουτο περι εαυτου η περι ετερου τινος

- 35 Filip pran pale: li kòmanse avèk pasaj li t'ap li nan liv la, li fè l' konnen bon nouvèl ki pale sou Jezi a.
So Philip, starting from this writing, gave him the good news about Jesus.
ανοιξας δε ο φιλιππος το στομα αυτου και αρξαμενος απο της γραφης ταυτης ευηγγελισατο αυτω τον ιησουν
- 36 Antan yo prale konsa, yo rive yon kote ki te gen dlo. Lè sa a, nonm peyi Letiopi a di li: Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m' resevwa batèm?
And while they were going on their way, they came to some water, and the Ethiopian said, See, here is water; why may I not have baptism?
ως δε επορευοντο κατα την οδον ηλθον επι τι υδωρ και φησιν ο ευνουχος ιδου υδωρ τι κωλπει με βαπτισθηναι
- 37 Filip di li: Si ou kwè ak tout kè ou, ou ka resevwa batèm. Nonm lan reponn li: Mwen kwè Jezikri se Pitit Bondye a.
[]
ειπεν δε ο φιλιππος ει πιστευεις εξ ολης της καρδιας εξεστιν αποκριθεις δε ειπεν πιστευω τον υιον του θεου ειναι τον ιησουν χριστον
- 38 Apre sa, li fè yo rete cha a. Filip desann nan dlo a ansanm ak gwo chèf la. Filip batize li.
And he gave orders for the carriage to be stopped, and the two of them went down into the water, and Philip gave him baptism.
και εκελευσεν στηναι το αρμα και κατεβησαν αμφοτεροι εις το υδωρ ο τε φιλιππος και ο ευνουχος και εβαπτισεν αυτον
- 39 Lè yo soti nan dlo a, Lespri Bondye fè Filip disparèt, gwo chèf la pa janm wè l' ankò. Men, li kontinye chemen l' ak kè kontan.
And when they came up out of the water, the Spirit of the Lord took Philip away; and the Ethiopian saw him no more, for he went on his way full of joy.
οτε δε ανεβησαν εκ του υδατος πνευμα κυριου ηρπασεν τον φιλιππον και ουκ ειδεν αυτον ουκετι ο ευνουχος επορευετο γαρ την οδον αυτου χαιρων
- 40 Filip menm rete konsa li wè li lavil Azòt. Apre sa, li pran mache. Nan tout ti bouk kote l' pase, li anonse bon nouvèl la jouk li rive lavil Sezare.
But Philip came to Azotus, and went through all the towns, preaching the good news, till he came to Caesarea.
φιλιππος δε ευρεθη εις αζωτον και διερχομενος ευηγγελιζετο τας πολεις πασας εως του ελθειν αυτον εις καισαρειαν
- 1 ¶ Men Sòl, bò pa li, pa t' sispann menase touye disip Seyè yo. Li al jwenn granprèt la.
But Saul, still burning with desire to put to death the disciples of the Lord, went to the high priest,
ο δε σαυλος ετι εμπνεων απειλης και φονου εις τους μαθητας του κυριου προσελθων τω αρχιερει
- 2 Li mande l' lèt otorizasyon pou tout sinagòg ki nan lavil Damas. Konsa, tout moun li ta jwenn k'ap swiv chemen Bondye a, fanm kou gason, li te ka arete yo, mare yo mennen Jerizalèm.
And made a request for letters from him to the Synagogues of Damascus, so that if there were any of the Way there, men or women, he might take them as prisoners to Jerusalem.
ητησατο παρ αυτου επιστολας εις δαμασκον προς τας συναγωγας οπως εαν τινας ευρη της οδου οντας ανδρας τε και γυναικας δεδεμενους αγαγη εις ιερουσαλημ
- 3 Antan l' te sou wout la, prèt pou rive lavil Damas, li rete konsa yon limyè soti nan syèl la, li klere tout kote l' te ye a.
And while he was journeying, he came near Damascus; and suddenly he saw a light from heaven shining round him;
εν δε τω πορευεσθαι εγενετο αυτον εγγιζειν τη δαμασκω και εξαιφνης περιηστραψεν αυτον φως απο του ουρανου
- 4 Sòl tonbe atè, epi l' tande yon vwa ki di li: Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite mwen konsa?
And he went down on the earth, and a voice said to him, Saul, Saul, why are you attacking me so cruelly?
και πεσων επι την γην ηκουσεν φωνην λεγουσαν αυτω σαουλ σαουλ τι με διωκεις
- 5 Li reponn: Ki moun ou ye, Mèt? Vwa a reponn li: Mwen se Jezi, moun w'ap pèsekite a.
And he said, Who are you, Lord? And he said, I am Jesus, whom you are attacking:
ειπεν δε τις ει κυριε ο δε κυριος ειπεν εγω ειμι ιησους ον συ διωκεις σκληρον σοι προς κεντρα λακτιζειν
- 6 Leve, antre lavil la. Se la y'a di ou sa ou gen pou fè.
But get up, and go into the town, and it will be made clear to you what you have to do.
τρεμων τε και θαμβων ειπεν κυριε τι με θελεις ποιησαι και ο κυριος προς αυτον αναστηθι και εισελθε εις την πολιν και λαληθησεται σοι τι σε δει ποιειν
- 7 Moun ki t'ap vwayaje ansanm ak Sòl yo te rete san di yon mo: yo te tande vwa a byen klè, men yo pa t' wè pesonn.
And the men who were with him were not able to say anything; hearing the voice, but seeing no one.
οι δε ανδρες οι συνοδευοντες αυτω ειστηκεισαν εννοι ακουοντες μεν της φωνης μηδεν δε θεωρουντες
- 8 Sòl leve atè a, li louvri je l' men li pa t' kapab wè anyen. Yo pran men l', yo mennen l' lavil Damas.
And Saul got up from the earth, and when his eyes were open, he saw nothing; and he was guided by the hand into Damascus.
ηγερθη δε ο σαυλος απο της γης ανεωγμενων δε των οφθαλμων αυτου ουδεν εβλεπεν χειραγωγουντες δε αυτον εισηγαγον εις δαμασκον

- 9 Li rete la twa jou san wè, san manje, san bwè.
 And for three days he was not able to see, and he took no food or drink.
 και ην ημερας τρεις μη βλεπων και ουκ εφαγεν ουδε επιεν
- 10 ¶ Nan lavil Damas te gen yon disip ki te rele Ananyas. Seyè a parèt devan l' nan yon vizyon, li rele li: Ananyas. Ananyas reponn: Men mwen, Seyè.
 Now there was a certain disciple at Damascus, named Ananias; and the Lord said to him in a vision, Ananias! and he said, Here I am, Lord.
 ην δε τις μαθητης εν δαμασκω ονοματι ανανιας και ειπεν προς αυτον ο κυριος εν οραματι ανανια ο δε ειπεν ιδου εγω κυριε
- 11 Seyè a di li: Leve koulye a, ale nan Ri Dwat la lakay Jida, mande pou yon nonm yo rele Sòl, moun lavil Tas. L'ap lapriyè kote l' ye a,
 And the Lord said to him, Get up, and go to the street which is named Straight, and make search at the house of Judas for one named Saul of Tarsus: for he is at prayer;
 ο δε κυριος προς αυτον αναστας πορευθητι επι την ρυμην την καλουμενην ευθειαν και ζητησον εν οικια ιουδα σαυλον ονοματι ταρσεα ιδου γαρ προσευχεται
- 12 li fè yon vizyon: li wè yon nonm yo rele Ananyas antre vin mete men sou tèt li pou l' kapab wè ankò.
 And he has seen a man named Ananias coming in and putting his hands on him, so that he may be able to see.
 και ειδεν εν οραματι ανδρα ονοματι ανανανιαν εισελθοντα και επιθεντα αυτω χειρα οπως αναβλεψη
- 13 Ananyas reponn: Seyè, mwen tande nan bouch anpil moun kantite mehanste li fè moun pa ou yo pase lavil Jerizalèm.
 But Ananias said, Lord, I have had accounts of this man from a number of people, how much evil he has done to your saints at Jerusalem:
 απεκριθη δε ο ανανιας κυριε ακηκοα απο πολλων περι του ανδρος τουτου οσα κακα εποιησεν τοις αγιοις σου εν ιερουσαλημ
- 14 Epitou li vin isit la ak pouvwa pou l' arete dènye moun k'ap rele non ou. Se chèf prèt yo menm ki ba l' pouvwa sa a.
 And here he has authority from the chief priests to make prisoners all who give worship to your name.
 και ωδε εχει εξουσιαν παρα των αρχιερων δησαι παντας τους επικαλουμενους το ονομα σου
- 15 Men, Seyè a di li: Ale. Paske nonm sa a, mwen chwazi l' pou sèvis mwen, pou l' fè tout moun konnen non mwen, moun lòt nasyon yo ak tout wa yo ansanm ak pèp Izrayèl la.
 But the Lord said, Go without fear: for he is a special vessel for me, to give to the Gentiles and kings and to the children of Israel the knowledge of my name:
 ειπεν δε προς αυτον ο κυριος πορευου οτι σκευος εκλογης μοι εστιν ουτος του βαστασαι το ονομα μου ενωπιον εθνων και βασιλεων υιων τε ισραηλ
- 16 Mwen menm, m'a moutre l' tou sa li gen pou l' soufri pou mwen.
 For I will make clear to him what troubles he will have to undergo for me.
 εγω γαρ υποδειξω αυτω οσα δει αυτον υπερ του ονοματος μου παθειν
- 17 Ananyas ale, li antre nan kay la, li mete men l' sou tèt Sòl, li di li: Sòl, frè mwen, Seyè Jezi voye m' kote ou. Se li menm ki te parèt devan ou sou granchemen an lè ou t'ap vini an. Li voye m' pou ou ka wè ankò, pou ou vin anba pouvwa Sentespri.
 And Ananias went out and came to the house, and putting his hands on him, said, Brother Saul, the Lord Jesus, whom you saw when you were on your journey, has sent me, so that you may be able to see, and be full of the Holy Spirit.
 απηλθεν δε ανανιας και εισηλθεν εις την οικιαν και επιθεις επ αυτον τας χειρας ειπεν σαουλ αδελφε ο κυριος απεσταλκεν με ιησους ο οφθεις σοι εν τη οδο η ηρχου οπως αναβλεψης και πλησθης πνευματος αγιου
- 18 Menm lè a, bagay tankou kal pwason sot tonbe nan je Sòl, epi l' wè ankò. Sòl leve, li resevwa batèm.
 And straight away it seemed as if a veil was taken from his eyes, and he was able to see; and he got up, and had baptism;
 και ευθεως απεπεσον απο των οφθαλμων αυτου ωσει λεπιδες ανεβλεψεν τε παραρημα και αναστας εβαπτισθη
- 19 Apre sa, li manje epi l' vin gen fòs ankò. Sòl rete pase kèk jou ankò ak disip ki te Damas yo.
 And when he had taken food his strength came back. And for some days he kept with the disciples who were in Damascus.
 και λαβων τροφην ενισχυσεν εγενετο δε ο σαυλος μετα των εν δαμασκω μαθητων ημερας τινας
- 20 Menm lè a tou, li kòmanse bay mesaj la nan sinagòg yo, li t'ap fè moun konnen Jezi se pitit Bondye.
 And straight away, in the Synagogues, he was preaching Jesus as the Son of God.
 και ευθεως εν ταις συναγωγαϊς εκηρυσσεν τον χριστον οτι ουτος εστιν ο υιος του θεου

- 21 Tout moun ki te tande l' te sezi, yo t'ap di: Apa nonm sa a ki t'ap maltrete tout moun ki t'ap rele non sa a lavil Jerizalèm? Se pa li ki vin isit la toutespre pou arete yo, pou mennen yo bay chèf prèt yo?
 And all those hearing him were full of wonder and said, Is not this the man who in Jerusalem was attacking all the worshippers of this name? and he had come here so that he might take them as prisoners before the chief priests.
 εξίσταντο δε παντες οι ακουοντες και ελεγον ουχ ουτος εστιν ο πορθησας εν ιερουσαλημ τους επικαλουμενους το ονομα τουτο και ωδε εις τουτο εληλυθει ινα δεδεμενους αυτους αγαγη επι τους αρχιερα εις
- 22 Men, Sòl t'ap vin pi fò toujou. Li t'ap fèmen bouch tout jwif ki t'ap viv Damas yo lè li t'ap moutre yo Jezi se moun Bondye te chwazi pou l' voye a menm.
 But Saul went on increasing in power, and the Jews in Damascus were not able to give answers to the arguments by which he made it clear that Jesus was the Christ.
 σαυλος δε μαλλον ενεδυναμωτο και συνεχυνεν τους ιουδαιους τους κατοικουντας εν δαμασκω συμβιβαζων οτι ουτος εστιν ο χριστος
- 23 ¶ Kèk jou apre sa, jwif yo fè konplo pou yo touye li.
 Then, after some days, the Jews made an agreement together to put him to death:
 ως δε πληρουντο ημεραι ικαναι συνεβουλευσαντο οι ιουδαιοι ανελειν αυτον
- 24 Men, Sòl te pran nouvèl konplo a. Lajounen kou lannwit yo t'ap veye pòtay lavil la pou yo touye li.
 But Saul got knowledge of their design. And they kept watch day and night on the roads out of the town, so that they might put him to death:
 εγνωσθη δε τω σαυλω η επιβολη αυτων παρετηρον τε τας πυλας ημερας τε και νυκτος οπως αυτον ανελωσιν
- 25 Lè sa a, patizan Sòl yo pran l' nan mitan lannwit, yo mete l' nan yon panyen, yo file l' desann lòt bò miray lavil la.
 But his disciples took him by night and let him down from the wall in a basket.
 λαβοντες δε αυτον οι μαθηται νυκτος καθηκαν δια του τειχους χαλασαντες εν σπυριδι
- 26 Lè Sòl rive lavil Jerizalèm li te vle mete l' ak disip yo, men yo tout te pè l': yo pa t' kwè li te yon disip tout bon vre.
 And when he came to Jerusalem, he made an attempt to be joined to the disciples, but they were all in fear of him, not taking him for a disciple.
 παραγενομενος δε ο σαυλος εις ιερουσαλημ επειρατο κολλασθαι τοις μαθηταις και παντες εφοβουντο αυτον μη πιστευοντες οτι εστιν μαθητης
- 27 Lè sa a, Banabas pran l' avè l', epi li mennen l' bò kot apòt yo. Li rakonte yo ki jan Sòl te wè Seyè a sou wout la, ki jan Seyè a te pale avè li. Li di yo tou ki jan nan lavil Damas Sòl te anonse bon nouvèl la nan non Jezi avèk konviksyon.
 But Barnabas took him to the Apostles and gave them an account of how he had seen the Lord on the road, and had given hearing to his words, and how at Damascus he had been preaching in the name of Jesus without fear.
 βαρναβας δε επιλαβομενος αυτον ηγαγεν προς τους αποστολους και διηγησατο αυτοις πως εν τη οδω ειδεν τον κυριον και οτι ελαλησεν αυτω και πως εν δαμασκω επαρρησιασατο εν τω ονοματι του ιησου
- 28 Depi lè sa a Sòl te toujou ak disip yo. Li t'ap ale vini ak yo nan tout Jerizalèm, li t'ap bay mesaj la avèk konviksyon nan non Seyè a.
 And he was with them, going in and out at Jerusalem,
 και ην μετ αυτων εισπορευομενος και εκπορευομενος εν ιερουσαλημ και παρρησιαζομενος εν τω ονοματι του κυριου ιησου
- 29 Li t'ap pale avèk jwif ki pale lang grèk la, li t'ap diskite avèk yo. Men, yo menm yo t'ap chache touye li.
 Preaching in the name of the Lord without fear; and he had discussions with the Greek Jews; but they were working for his death.
 ελαλει τε και συνεζητει προς τους ελληνιστας οι δε επεχειρουν αυτον ανελειν
- 30 Lè frè yo vin konn sa, yo mennen l' lavil Sezare, yo fè l' pati pou Tas.
 And when the brothers had knowledge of it, they took him to Caesarea and sent him to Tarsus.
 επιγοντες δε οι αδελφοι κατηγαγον αυτον εις καισαρειαν και εξαπεστειλαν αυτον εις ταρσον
- 31 Lè sa a, legliz la te gen repo toupatou nan Jide, nan Galile ak nan Samari. Li t'ap devlope, li t'ap viv avèk krentif pou Bondye. Avèk konkou Sentespri, li t'ap resevwa anpil moun toujou.
 And so the church through all Judaea and Galilee and Samaria had peace and was made strong; and, living in the fear of the Lord and in the comfort of the Holy Spirit, was increased greatly.
 αι μεν ουν εκκλησiai καθ ολης της ιουδαιας και γαλιλαιας και σαμαρειας ειχον ειρηνην οικοδομουμεναι και πορευομεναι τω φοβω του κυριου και τη παρακλησει του αγιου πνευματος πληθυνοντο
- 32 ¶ Pyè menm t'ap vwayaje toupatou nan peyi a. Yon jou li te al lakay disip yo nan lavil Lida,
 And it came about that while Peter was going through all parts of the country he came to the saints who were living at Lydda.
 εγενετο δε πετρον διερχομενον δια παντων κατελθειν και προς τους αγιους τους κατοικουντας λυδδαν

- 33 li jwenn yon nonm yo te rele Ine ki te kouche sou yon kabann depi witan. Nonm sa a te paralyze.
 And there was a certain man there, named Aeneas, who for eight years had been in bed, without power of moving.
 ευρεν δε εκει ανθρωπον τινα αινεαν ονοματι εξ ετων οκτω κατακειμενον επι κραββατω ος ην παραλελυμενος
- 34 Pyè di li: Ine, Jezikri ap geri ou. Leve non, ranje kabann ou. Lamenm, Ine leve kanpe.
 And Peter said to him, Aeneas, Jesus Christ makes you well: get up and make your bed. And straight away he got up.
 και ειπεν αυτω ο πετρος αινεα ιατα σε ιησους ο χριστος αναστηθι και στρωσον σεαυτω και ευθεως ανεστη
- 35 Tout moun ki t'ap viv nan lavil Lida a ak nan laplenn Sawon an te wè li, epi yo tounen vin jwenn Bondye.
 And all those living in Lydda and Sharon saw him, and were turned to the Lord.
 και ειδον αυτον παντες οι κατοικουντες λυδδαν και τον σαρωναν ουτινες επεστρεψαν επι τον κυριον
- 36 ¶ Nan lavil Jope te gen yon fanm yo te rele Tabita. (An lang grèk yo te rele l': Dòkas, ki vle di: Ti Gazèl.) Se te yon patizan Jezi li te ye. Li t'ap pase tout tan li ap fè byen epi li t'ap ede pòn yo anpil.
 Now there was at Joppa a certain disciple named Tabitha, that is, Dorcas: this woman was given to good works and acts of mercy at all times.
 εν ιωπη δε τις ην μαθητρια ονοματι ταβιθα η διερμηνευομενη λεγεται δορκας αυτη ην πληρης αγαθων εργων και ελεημοσυνων ων εποιει
- 37 Lè sa a, li tonbe malad epi l' mourì. Yo benyen kò a, yo mete l' nan chanm anwo kay la.
 And it came about, in those days, that she got ill and came to her death: and when she had been washed, they put her in a room which was high up.
 εγενετο δε εν ταις ημεραις εκειναις ασθησασαν αυτην αποθανειν λουσαντες δε αυτην εθηκαν εν υπερωω
- 38 Lavil Jope pa t' twò lwen ak lavil Lida. Lè disip ki te Jope yo vin konnen Pyè te Lida, yo voye de moun bò kote l' avèk mesaj sa a: Tanpri, pa mize vin lakay nou.
 And because Lydda was near Joppa, the disciples, having knowledge that Peter was there, sent two men to him, requesting him to come to them straight away.
 εγγυς δε ουσης λυδδης τη ιωπη οι μαθηται ακουσαντες οτι πετρος εστιν εν αυτη απεστειλαν δυο ανδρας προς αυτον παρακαλουντες μη οκνησαι διελθειν εως αυτων
- 39 Pyè pati lamenm avèk yo. Lè l' rive, yo mennen l' nan chanm ki te anwo kay la. Tout vè yo pwoche, yo t'ap kriye. Yo t'ap moutre l' chemiz ak rad Dòkas te konn fè lè l' te la avèk yo.
 And Peter went with them. And when he had come, they took him into the room: and all the widows were there, weeping and putting before him the coats and clothing which Dorcas had made while she was with them.
 αναστας δε πετρος συνηλθεν αυτοις ον παραγενομενον ανηγαγον εις το υπερωων και παρεστησαν αυτω πασαι αι χηραι κλαιουσαι και επιδεικνυμεναι χιτωνας και ιματια οσα εποιει μετ αυτων οσα η δ ορκας
- 40 Pyè fè tout moun soti. Li mete jenou l' atè, li lapriyè. Apre sa, li vire bò kot kò a, li di li: Tabita, leve non. Fanm lan louvri je l', lè l' wè Pyè, li chita.
 But Peter made them all go outside, and went down on his knees in prayer; and turning to the body, he said, Tabitha, get up. And, opening her eyes, she saw Peter and got up.
 εκβαλων δε εξω παντας ο πετρος θεις τα γονατα προσηυξατο και επιστρεψας προς το σωμα ειπεν ταβιθα αναστηθι η δε ηνοιξεν τους οφθαλμους αυτης και ιδουσα τον πετρον ανεκαθισεν
- 41 Pyè lonje men l' ba li, li fè l' leve kanpe. Apre sa, Pyè rele disip yo ak vè yo, li moutre yo Tabita vivan.
 And he took her hand, lifting her up; and, sending for the saints and widows, he gave her to them, living.
 δους δε αυτη χειρα ανεστησεν αυτην φωνησας δε τους αγιους και τας χηρας παρεστησεν αυτην ζωσαν
- 42 Yo vin konn sa nan lavil Jope. Anpil moun mete konfyans yo nan Seyè a.
 And news of it went all through Joppa, and a number of people had faith in the Lord.
 γνωστον δε εγενετο καθ ολης της ιωπης και πολλοι επιστευσαν επι τον κυριον
- 43 Apre sa, Pyè rete lontan nan lavil Jope, lakay yon bòs tanè yo rele Simon.
 And he was living in Joppa for some time with Simon, a leather-worker.
 εγενετο δε ημερας ικανας μειναι αυτον εν ιωπη παρα τινη σιμωνι βυρσει
- 1 ¶ Nan lavil Sezare te gen yon nonm ki te rele Kònèy. Li te kaptenn yon batayon sòlda moun peyi Itali nan lame women an.
 Now there was a certain man in Caesarea, named Cornelius, the captain of the Italian band of the army;
 ανηρ δε τις ην εν καισαρεια ονοματι κορνηλιος εκατονταρχης εκ σπειρης της καλουμενης ιταλικης
- 2 Kònèy te yon nonm ki t'ap sèvi Bondye jwif yo. Li menm ak tout fanmi l', yo te gen krentif pou Bondye. Li te fè anpil pou pòn yo pami pèp jwif la. Epi se tout tan li t'ap lapriyè Bondye.
 A serious-minded man, fearing God with all his family; he gave much money to the poor, and made prayer to God at all times.
 ευσεβης και φοβουμενος τον θεον συν παντι τω οικω αυτου ποιων τε ελεημοσυνας πολλας τω λαω και δεομενος του θεου διαπαντος

- 3 Yon jou apremidi, vè twazè, li fè yon vizyon: aklè konsa, li wè yon zanj Bondye antre lakay li. Zanj lan rele li: Kònèy!
He saw in a vision, clearly, at about the ninth hour of the day, an angel of the Lord coming to him and saying to him, Cornelius!
εἶδεν ἐν ὁραματι φανερώς ὡσει ὦραν ἐννατὴν τῆς ἡμέρας ἀγγέλων τοῦ θεοῦ εἰσελθόντα πρὸς αὐτὸν καὶ εἰπόντα αὐτῷ κορνήλιε
- 4 Li gade zanj lan, li te pè, li di l' konsa: Sak genyen, Mèt? Zanj lan reponn li: Bondye asepte lapriyè ou yo ansanm ak tout byen ou te fè pou pòn yo. Epi li chonje ou.
And he, looking on him in fear, said, What is it, Lord? And he said to him, Your prayers and your offerings have come up to God, and he has kept them in mind.
ο δε ατενισας αὐτῷ καὶ ἐμφοβος γενομενος εἶπεν τι ἐστὶν κυριε εἶπεν δε αὐτῷ αὶ προσευχαι σου καὶ αὶ ἐλεημοσυναὶ σου ἀνεβησαν εἰς μνημοσυνον ἐνώπιον τοῦ θεοῦ
- 5 Koulye a, voye moun lavil Jope, fè y' al chache yon nonm yo rele Simon (li gen yon ti non Pyè).
Now send men to Joppa, and get one Simon, named Peter,
καὶ νῦν πέμψον εἰς ἰοππὴν ἀνδρας καὶ μεταπέμψαι σιμωνα ὃς ἐπικαλεῖται πέτρος
- 6 Li fè ladesant lakay Simon, bès tanè a, ki gen kay li bò lanmè a.
Who is living with Simon, a leather-worker, whose house is by the sea.
οὗτος ξενίζεται παρα τινι σιμωνι βυρσει ὃ ἐστὶν οἰκία παρα θαλάσσαν οὗτος λαλήσει σοι τι σε δεῖ ποιεῖν
- 7 Fini zanj Bondye a fin pale, li ale. Kònèy rele de domestik ansanm ak yonn nan gad kò l' ki t'ap sèvi Bondye jwif yo tou.
And when the angel who said these words to him had gone away, he sent for two of his house-servants, and a God-fearing man of the army, one of those who were waiting on him at all times;
ὡς δε ἀπηλθεν ὁ ἀγγελος ὁ λαλῶν τῷ κορνήλιῳ φωνήσας δύο τῶν οἰκετῶν αὐτοῦ καὶ στρατιωτὴν εὐσεβῆ τῶν προσκαρτερούντων αὐτῷ
- 8 Li rakonte yo tou sak te pase. Lèfini, li voye yo Jope.
And having given them an account of everything, he sent them to Joppa.
καὶ ἐξηγησαμενος αὐτοῖς ἀπαντα ἀπεστείλεν αὐτοὺς εἰς τὴν ἰοππὴν
- 9 ¶ Nan denmen, vè midi konsa, yo te nan wout toujou, men yo te prèt pou rive Jope. Menm lè sa a, Pyè moute anwo sou tèt kay la pou li al lapriyè.
Now the day after, when they were on their journey and were near the town, Peter went up to the top of the house for prayer, about the sixth hour:
τῆ δε ἐπαυριον οδοιπορούντων ἐκεινων καὶ τῆ πολει ἐγγιζόντων ἀνεβῆ πέτρος ἐπὶ τὸ δῶμα προσευξασθαι περὶ ὦραν ἑκτην
- 10 Grangou bare l', li te anvè manje. Pandan yo t'ap pare manje pou li, li fè yon vizyon:
And he was in need of food: but while they were getting it ready, a deep sleep came on him;
ἐγενετο δε προσπεινος καὶ ἠθέλεν γευσασθαι παρασκευαζόντων δε ἐκεινων ἐπεπεσεν ἐπ αὐτον ἐκστασις
- 11 Li wè syèl la louvri epi yon bagay t'ap desann sot ladan li. Bagay la te tankou yon gwo dra mare nan kat bout li ki t'ap file desann sou latè.
And he saw the heavens opening, and a vessel coming down, like a great cloth let down on the earth,
καὶ θεωρεῖ τον οὐρανὸν ἀνεῳγμενον καὶ καταβαῖνον ἐπ αὐτον σκευος τι ὡς ὀθονὴν μεγάλην τεσσαρσιν ἀρχαῖς δεδεμενον καὶ καθιεμενον ἐπὶ τῆς γῆς
- 12 Te gen tout kalite bèt kat pat, tout kalite bèt ki trennen sou vant ak tout kalite zwezo ladan li.
In which were all sorts of beasts and birds.
ἐν ὃ ὑπῆρχεν πάντα τα τετραποδα τῆς γῆς καὶ τα θηρια καὶ τα ἐρπετα καὶ τα πετεινα τοῦ οὐρανοῦ
- 13 Li tande yon vwa ki di l' konsa: Leve non, Pyè. Touye, lè ou fini, manje.
And a voice came to him, saying, Come, Peter; take them for food.
καὶ ἐγενετο φωνὴ πρὸς αὐτον ἀναστας πέτρε θύσον καὶ φάγε
- 14 Men, Pyè di: Non, Mèt. Mwen pa janm manje move manje ni manje ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye.
But Peter said, No, Lord; for I have never taken food which is common or unclean.
ο δε πέτρος εἶπεν μηδαμῶς κυριε οτι οὐδεποτε ἐφαγον παν κοινον ἢ ἀκαθαρτον
- 15 Menm vwa a pale ankò, li di li: Bagay Bondye di ki bon pou moun k'ap sèvi l', ou menm, pa di l' pa bon.
And the voice came to him a second time, What God has made clean, do not you make common.
καὶ φωνὴ παλιν ἐκ δευτερου πρὸς αὐτον α ὁ θεος ἐκαθαρισεν σὺ μὴ κοινὸν
- 16 An twa fwa sa repete. Apre sa, lamenn bagay la moute tounen nan syèl la.
And this was done three times: and then the vessel was taken back into heaven.
τοῦτο δε ἐγενετο ἐπὶ τρις καὶ παλιν ἀνελήφθη τὸ σκευος εἰς τὸν οὐρανὸν

- 17 Pyè menm pa t' konn ki sans pou l' te bay vizyon li te fè a. Men, tout tan sa a, moun Kònèy te voye yo t'ap mande ki bò kay Simon an te ye. Yo te rive devan pòt la.
Now while Peter was in doubt as to the purpose of this vision, the men who were sent by Cornelius, having made search for Simon's house, came to the door,
ως δε εν αυτω διηπορει ο πετρος τι αν ειη το οραμα ο ειδεν και ιδου οι ανδρες οι απεσταλμενοι απο του κορνηλιου διερωτησαντες την οικιαν σιμωνος επεστησαν επι τον πυλωνα
- 18 Yo rele moun, epi yo mande: Eske se isit Simon yo rele Pyè a fè ladesant li?
To see if Simon, named Peter, was living there.
και φωνησαντες επυνθανοντο ει σιμων ο επικαλουμενος πετρος ενθαδε ξενιζεται
- 19 ¶ Pyè t'ap kalkile toujou sou sans pou l' te bay vizyon an, lè Sentespri di li: Koute. Gen twa moun anba a k'ap mande pou ou.
And, while Peter was turning the vision over in his mind, the Spirit said to him, See, three men are looking for you.
του δε πετρου ενθυμουμενου περι του οραματος ειπεν αυτω το πνευμα ιδου ανδρες τρεις ζητουσιν σε
- 20 Leve non, desann. Pati ak yo touswit, se mwen menm ki voye yo.
Go down, then, and go with them, doubting nothing, for I have sent them.
αλλα αναστας καταβηθι και πορευου συν αυτοις μηδεν διακρινομενος διοτι εγω απεσταλκα αυτους
- 21 Pyè desann, li al jwenn mesye yo, epi l' di yo: Se mwen menm n'ap chache a. Kisak mennen nou isit la?
And Peter went down to the men, and said, I am the man you are looking for: why have you come?
καταβας δε πετρος προς τους ανδρας τους απεσταλμενους απο του κορνηλιου προς αυτον ειπεν ιδου εγω ειμι ον ζηταειτε τις η αιτια δι ην παρεστε
- 22 Yo reponn: Se kaptenn Kònèy ki voye nou. Nonm sa a, se yon bon gason ki gen krentif pou Bondye. Tout pèp jwif la konsidere l' anpil. Enben, yon zanj Bondye te di l' pou l' te voye chache ou pou ou vin lakay li. Li bezwen tande sa ou gen pou di l' la.
And they said, Cornelius, a captain, an upright and God-fearing man, respected by all the nation of the Jews, had word from God by an angel to send for you to his house, and to give hearing to your words.
οι δε ειπον κορνηλιος εκατονταρχης ανηρ δικαιος και φοβουμενος τον θεον μαρτυρουμενος τε υπο ολου του εθνους των ιουδαιων εχρηματισθη υπο αγγελου αγιου μεταπεμψασθαι σε εις τον οικον αυτ ου και ακουσαι ρηματα παρα σου
- 23 Pyè fè yo antre. Li fè yo pase nwit lan avè li. Nan denmen, li leve, li pati ak yo. Kèk frè lavil Jope ale avè l' tou.
So he took them in for the night. And the day after, he went with them, taking some of the brothers from Joppa with him.
εισκαλεσαμενος ουν αυτους εξενισεν τη δε επαυριον ο πετρος εξηλθεν συν αυτοις και τινες των αδελφων των απο της ιοπηης συνηλθον αυτω
- 24 Yo rive Sezare yon jou apre. Kònèy t'ap tann yo ak tout fanmi l' ansanm ak kèk bon zanmi l' li te envite lakay li.
And the day after that, they came to Caesarea. And Cornelius was waiting for them, having got together his relations and his near friends.
και τη επαυριον εισηλθον εις την καισαρειαν ο δε κορνηλιος ην προσδοκων αυτους συγκαλεσαμενος τους συγγενεις αυτου και τους αναγκαιους φιλους
- 25 Pyè fè sa pou l' antre, Kònèy kouri vin devan l', li lage kò l' nan pye l', li bese tèt li byen ba devan li.
And when Peter came in, Cornelius came to him and, falling down at his feet, gave him worship.
ως δε εγενετο εισελθειν τον πετρον συναντησας αυτω ο κορνηλιος πεσων επι τους ποδας προσεκυνησεν
- 26 Men, Pyè fè l' leve, li di l' konsa: Kanpe non, monchè. Se yon moun mwen ye tou.
But Peter, lifting him up, said, Get up, for I am a man as you are.
ο δε πετρος αυτον ηγειρεν λεγων αναστηθι καγω αυτος ανθρωπος ειμι
- 27 Pyè kontinye pale avèk li. Yo antre nan kay la epi Pyè jwenn yon bann moun ki te sanble.
And saying these words, he went in, and saw that a great number of people had come together;
και συνομιλων αυτω εισηλθεν και ευρισκει συνεληλυθοτας πολλους
- 28 Li di yo: Nou konnen sa pa fèt: jwif pa gen dwa mele ak moun lòt nasyon ni mete pye lakay yo. Relijyon l' pa penmèt sa. Men, Bondye fè m' konnen, mwen pa gen dwa gade pesonn pou move moun ni pou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye.
And he said to them, You yourselves have knowledge that it is against the law for a man who is a Jew to be in the company of one who is of another nation; but God has made it clear to me that no man may be named common or unclean:
εφη τε προς αυτους υμεις επιστασθε ως αθεμιτον εστιν ανδρι ιουδαιο κολλασθαι η προσερχεσθαι αλλοφυλω και εμοι ο θεος εδειξεν μηδενα κοινον η ακαθαρτον λεγειν ανθρωπον
- 29 Se poutèt sa, voye ou voye rele m' lan, mwen pa fè ni yonn ni de, mwen vini. Koulye a, mwen ta renmen konnen poukisa ou voye chache m' lan.
And so I came without question, when I was sent for. What then is your purpose in sending for me?
διο και αναντιρρητως ηλθον μεταπεμφθεις πυνθανομαι ουν τινη λογω μετεπεμψασθε με

- 30 Kònyè di li: Jòdi a fè kat jou, mwen te lakay mwen, mwen t'ap lapriyè vè twazè konsa nan apremidi. Mwen rete konsa, mwen wè yon nonm ki te gen yon bèl rad byen klere sou li kanpe devan mwen.
And Cornelius said, Four days from now I was in my house in prayer at the ninth hour; and I saw before me a man in shining clothing,
και ο κορνηλιος εφη απο τεταρτης ημερας μεχρι ταυτης της ωρας ημην νηστευων και την εννατην ωραν προσευχομενος εν τω οικω μου και ιδου ανηρ εστη ενωπιον μου εν εσθητι λαμπρα
- 31 Epi l' di mwen: Kònyè, Bondye tande lapriyè ou, li chonje tout byen ou fè pou pòn yo.
Who said, Cornelius, your prayer has come to the ears of God, and your offerings are kept in his memory.
και φησιν κορνηλιε εισηκουσθη σου η προσευχη και αι ελεημοσυнай σου εμνησθησαν ενωπιον του θεου
- 32 Voye yon moun lavil Jope al rele Simon ki gen ti non Pyè a. Se lakay Simon, bès tanè ki bò lanmè a, li ye.
Send, then, to Joppa, and get Simon, named Peter, to come to you; he is living in the house of Simon, a leather-worker, by the sea.
πεμψον ουν εις ιοππην και μετακαλεσαι σιμωνα ος επικαλειται πετρος ουτος ξενιζεται εν οικια σιμωνος βυρσεως παρα θαλασσαν ος παραγενομενος λαλησει σοι
- 33 Menm lè a, mwen voye chache ou, epi ou asepte vini. Koulye a, men nou tout la devan Bondye, n'ap koute tou sa Bondye ba ou lòd di nou.
So, straight away, I sent for you; and you have done well to come. And now, we are all present before God, ready to give attention to all the things which the Lord has given you to say.
εξαντης ουν επεμψα προς σε συ τε καλωσ εποησας παραγενομενος νυν ουν παντες ημεις ενωπιον του θεου παρεσμεν ακουσαι παντα τα προστεταγματα σοι υπο του θεου
- 34 ¶ Pyè pran lapawòl, li di: Wi, koulye a, mwen konprann sa se vre: Bondye pa gade sou figi moun.
Then Peter said, Truly, I see clearly that God is no respecter of persons:
ανοιξας δε πετρος το στομα ειπεν επ αληθειας καταλαμβανομαι οτι ουκ εστιν προσωποληπτης ο θεος
- 35 Li kontan ak tout moun nan tout nasyon ki gen krentif pou li epi ki fè sa ki dwat devan li.
But in every nation, the man who has fear of him and does righteousness is pleasing to him.
αλλ εν παντι εθνει ο φοβουμενος αυτον και εργαζομενος δικαιοσυνην δεκτος αυτω εστιν
- 36 Nou konnen mesaj Bondye te voye bay pèp Izrayèl la: li fè yo konnen bon nouvèl la ki di: Bondye voye Jezi ki Mèt tout moun pou bay tout moun kè poze.
The word which he sent to the children of Israel, giving the good news of peace through Jesus Christ (who is Lord of all)--
τον λογον ον απεστειλεν τοις υιοις ισραηλ ευαγγελιζομενος ειρηνην δια ιησου χριστου ουτος εστιν παντων κυριος
- 37 Nou konnen sak te rive nan tout peyi Jide a. Bagay sa yo kòmanse nan peyi Galile, apre batèm Jan t'ap anonse a.
That word you yourselves have knowledge of, which was made public through all Judaea, starting from Galilee, after the baptism of which John was the preacher,
υμεις οιδατε το γενομενον ρημα καθ ολης της ιουδαιας αρξαμενον απο της γαλιλαιας μετα το βαπτισμα ο εκηρυξεν ιωαννης
- 38 Nou konnen tou ki jan Bondye te vide pouwva Sentespri l' sou Jezi, moun Nazarèt la. Jezi mache nan tout peyi a, li t'ap fè byen, li t'ap geri tout moun ki te anba pouwva Satan paske Bondye te kanpe avèk li.
About Jesus of Nazareth, how God gave the Holy Spirit to him, with power: and how he went about doing good and making well all who were troubled by evil spirits, for God was with him.
ιησουν τον απο ναζαρετ ως εχρισεν αυτον ο θεος πνευματι αγιω και δυναμει ος διηλθεν ευεργετων και ιωμενος παντας τους καταδυναστευομενους υπο του διαβολου οτι ο θεος ην μετ αυτου
- 39 Nou menm k'ap pale la a, nou temwen tou sa li te fè nan peyi jwif yo ak nan Jerizalèm. Yo te touye l', yo te kloure l' sou kwa a.
And we are witnesses of all the things which he did in the country of the Jews and in Jerusalem; whom they put to death, hanging him on a tree.
και ημεις εσμεν μαρτυρες παντων ων εποησεν εν τε τη χωρα των ιουδαιων και εν ιερουσαλημ ον ανειλον κρεμασαντες επι ξυλου
- 40 Men sou twa jou, Bondye fè l' leve soti vivan nan lanmò. Apre sa, li fè moun wè li vivan.
On the third day God gave him back to life, and let him be seen,
τουτον ο θεος ηγειρεν τη τριτη ημερα και εδωκεν αυτον εμφανη γενεσθαι
- 41 Se pa tout moun non ki te wè li. Se nou menm ase ki te wè li. Bondye te chwazi nou davans pou sèvi l' temwen. Wi, nou manje avè l', nou bwè avè l' apre Bondye te fè l' tounen vivan soti nan lanmò.
Not by all the people, but by witnesses marked out before by God, even by us, who took food and drink with him after he came back from the dead.
ου παντι τω λαω αλλα μαρτυσιν τοις προκεχειροτονημενοις υπο του θεου ημιν οιτινες συνεφαγομεν και συνεπιομεν αυτω μετα το αναστηναι αυτον εκ νεκρων
- 42 Li ban nou lòd mache fè konnen bon nouvèl la bay pèp la, pou n' fè konnen se Jezi menm Bondye mete pou jije tout moun san wete yonn, kit yo vivan kit yo mouri deja.
And he gave us orders to give news of this to the people, and to give public witness that this is he whom God has made judge of the living and the dead.
και παρηγγειλεν ημιν κηρυξαι τω λαω και διαμαρτυρασθαι οτι αυτος εστιν ο ωρισμενος υπο του θεου κριτης ζωντων και νεκρων
- 43 Tout pwofèt yo te di sa sou li: Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resewva padon pou tout peche yo gremesi non sa a.
To him all the prophets give witness, that through his name everyone who has faith in him will have forgiveness of sins.
τουτω παντες οι προφηται μαρτυρουσιν αφεσιν αμαρτιων λαβειν δια του ονοματος αυτου παντα τον πιστευοντα εις αυτον

- 44 ¶ Pyè t'ap pale toujou lè Sentespri a desann sou tout moun ki t'ap koute mesaj la.
While Peter was saying these words, the Holy Spirit came on all those who were hearing the word.
επι λαλουντος του πετρου τα ρηματα ταυτα επεπεσεν το πνευμα το αγιον επι παντας τους ακουοντας τον λογον
- 45 Frè ki te soti lavil Jope ansanm ak Pyè yo se jwif yo te ye. Yo te sezi wè ki jan Bondye te bay moun ki pa jwif yo Sentespri l' an kantite.
And the Jews of the faith, who had come with Peter, were full of wonder, because the Holy Spirit was given to the Gentiles,
και εξεστησαν οι εκ περιτομης πιστοι οσοι συνηλθον τω πετρω οτι και επι τα εθνη η δωρεα του αγιου πνευματος εκκεχυται
- 46 Yo te tande moun lòt nasyon yo ap pale nan lòt lang. Yo t'ap fè lwanj Bondye, yo t'ap di jan li gen pouvwa. Lè sa a Pyè di:
And they were talking in tongues, and giving glory to God. Then Peter said,
ηκουον γαρ αυτων λαλουντων γλωσσαις και μεγαλυνοντων τον θεον τοτε απεκριθη ο πετρος
- 47 Moun sa yo resevwa Sentespri menm jan avèk nou. Koulye a, ki moun ki ka anpeche nou batize yo nan dlo tou?
Will any man say that these may not have baptism who have been given the Holy Spirit as we have?
μητι το υδωρ κωλυσαι δυναται τις του μη βαπτισθηναι τουτους οιτινες το πνευμα το αγιον ελαβον καθως και ημεις
- 48 Epi li bay lòd batize yo nan non Jezikri. Apre sa, yo mande Pyè pou l' rete pase kèk jou avèk yo.
And he gave orders for them to have baptism in the name of Jesus Christ. Then they kept him with them for some days.
προσεταξεν τε αυτους βαπτισθηναι εν τω ονοματι του κυριου τοτε ηρωτησαν αυτον επιμειναι ημερας τινας
- 1 ¶ Apòt yo ansanm ak frè yo ki te nan Jide te tande ki jan moun ki pa jwif yo te resevwa pawòl Bondye a tou.
Now the Apostles and the brothers who were in Judaea had news that the word of God had been given to the Gentiles.
ηκουσαν δε οι αποστολοι και οι αδελφοι οι οντες κατα την ιουδαιαν οτι και τα εθνη εδεξατο τον λογον του θεου
- 2 Lè Pyè tounen moute Jerizalèm, jwif ki te kwè yo tanmen kritike li.
And when Peter came to Jerusalem, those who kept the rule of circumcision had an argument with him,
και οτε ανεβη πετρος εις ιεροσολυμα διεκρινοντο προς αυτον οι εκ περιτομης
- 3 Yo di l' konsa: Apa ou antre lakay moun ki pa sikonsi, ou manje ak yo?
Saying, You went to men without circumcision, and took food with them.
λεγοντες οτι προς ανδρας ακροβυστιαν εχοντας εισηλθες και συνεφαγες αυτοις
- 4 Lè sa a, Pyè rakonte yo sak te pase nan tout ti detay. Li di yo:
But Peter gave them an account of it all in order, saying to them,
αρξαμενος δε ο πετρος εξετιθετο αυτοις καθεξης λεγων
- 5 Mwen te lavil Jope, mwen t'ap lapriyè, lè m' fè yon vizyon. Mwen wè yon bagay ki t'ap desann vin jwenn mwen, tankou yon gwo dra mare nan kat bout, ki t'ap desann sot nan syèl la. Li rive toupre mwen.
I was in the town of Joppa, at prayer: and falling into a deep sleep, I saw in a vision a vessel like a great cloth let down from heaven, and it came down to me:
εγω ημην εν πολει ιοπηη προσευχομενος και ειδον εν εκστασει οραμα καταβαινον σκευος τι ως οθονην μεγαλην τεσσαρσιν αρχαις καθιμενην εκ του ουρανου και ηλθεν αχρის εμου
- 6 Lè m' gade byen gade, mwen wè tout kalite bèt andedan li: bèt kat pat, bèt nan bwa, bèt ki trennen sou vant ak zwezo.
And looking on it with attention I saw in it all sorts of beasts and birds.
εις ην ατεινισας κατενοουν και ειδον τα τετραποδα της γης και τα θηρια και τα ερπετα και τα πετεινα του ουρανου
- 7 Epi m' tande yon vwa ki di m' konsa: Leve non, Pyè, touye, manje.
And a voice came to my ears saying, Come, Peter; take them for food.
ηκουσα δε φωνης λεγουσης μοι αναστας πετρε θυσον και φαγε
- 8 Men mwen di: Non, Mèt. Mwen pa janm mete move manje osinon manje ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye nan bouch mwen.
But I said, No, Lord; for nothing common or unclean has ever come into my mouth.
ειπον δε μηδαμως κυριε οτι παν κοινον η ακαθαρτον ουδεποτε εισηλθεν εις το στομα μου
- 9 Menm vwa a pale ankò nan syèl la, li di mwen konsa: Bagay Bondye di ki bon pou moun k'ap sèvi l', pa di l' pa bon pou yo.
But the voice, coming a second time from heaven, said, What God has made clean, do not you make common.
απεκριθη δε μοι φωνη εκ δευτερου εκ του ουρανου α ο θεος εκαθαρισεν συ μη κοινου

- 10 An twa fwa sa repete. Epi bagay la moute tounen nan syèl la.
And this was done three times, and they were all taken up again into heaven.
τουτο δε εγενετο επι τρις και παλιν ανεσπασθη απαντα εις τον ουρανον
- 11 Menm lè a, twa moun ki te soti Sezare vin rive nan kay kote m' te ye a. Yo te voye yo chache mwen.
And at that minute, three men, sent from Caesarea, came to the house where we were.
και ιδου εξ αυτης τρεις ανδρες επεστησαν επι την οικιαν εν η ημην απεσταλμενοι απο καισαρειας προς με
- 12 Lespri a di m' pati ak yo san rete ap kalkile. Sis frè sa yo te al ansanm avè m' tou Sezare. Nou tout nou antre lakay Kònèy.
And the Spirit gave me orders to go with them, doubting nothing. And these six brothers came with me; and we went into that man's house:
ειπεν δε μοι το πνευμα συνελθειν αυτοις μηδεν διακρινομενον ηλθον δε συν εμοι και οι εξ αδελφοι ουτοι και εισηλθομεν εις τον οικον του ανδρος
- 13 Kònèy rakonte nou ki jan l' te wè yon zanj Bondye kanpe nan mitan lakay li. Zanj lan di li: Voye yon moun lavil Jope al rele Simon (ki gen yon ti non Pyè).
And he gave us an account of how he had seen the angel in his house, saying, Send to Joppa, and get Simon, named Peter, to come to you;
απηγγειλεν τε ημιν πως ειδεν τον αγγελον εν τω οικω αυτου σταθεντα και ειποντα αυτω αποστειλον εις ιοπηνη ανδρας και μεταπεμψαι σιμωνα τον επικαλουμενον πετρον
- 14 Simon sa a va di ou pawòl ki pou sove ou ansanm ak tout fanmi ou.
Who will say words to you through which you and all your family may get salvation.
ος λαλησει ρηματα προς σε εν οις σωθηση συ και πας ο οικος σου
- 15 Mwen te kòmanse pale lè Sentespri a desann sou yo menm jan li te desann sou nou premye jou a.
And, while I was talking to them, the Holy Spirit came on them, as on us at first.
εν δε τω αρξασθαι με λαλειν επεπεσεν το πνευμα το αγιον επ αυτους ωσπερ και εφ ημας εν αρχη
- 16 Lè sa a, mwen vin chonje sa Seyè a te di: Jan te batize nan dlo, men nou menm nou gen pou n' resewva batèm nan Sentespri a.
And the words of the Lord came into my mind, how he said, The baptism of John was with water, but you will have baptism with the Holy Spirit.
εμνησθην δε του ρηματος κυριου ως ελεγεν ιωαννης μεν εβαπτισεν υδατι υμεις δε βαπτισθησεσθε εν πνευματι αγιω
- 17 Konsa, Bondye te bay moun sa yo menm kado li te ban nou an lè n' te mete konfyans nou nan Seyè Jezikri. Kisa m' te ye menm pou m' te fè tèt ak Bondye?
If then God gave them, when they had faith in the Lord Jesus Christ, the same as he gave to us, who was I to go against God?
ει ουν την ισην δωρεαν εδωκεν αυτοις ο θεος ως και ημιν πιστευσασιν επι τον κυριον ιησουν χριστον εγω δε τις ημην δυνατος κωλυσαι τον θεον
- 18 Lè yo fin tande pawòl sa yo, yo sispann kritike l', yo pran fè lwanj Bondye. Yo t'ap di: Se vre wi. Bondye bay moun ki pa jwif yo chans pou yo chanje, pou yo ka resewva lavi tou.
And hearing these things they said nothing more, but gave glory to God, saying, Then to the Gentiles as to us has God given a change of heart, so that they may have life.
ακουσαντες δε ταυτα ησυχασαν και εδοξαζον τον θεον λεγοντες αραγε και τοις εθνεσιν ο θεος την μετανοιαν εδωκεν εις ζωην
- 19 ¶ Avèk pèsekisyon ki te tonbe sou yo apre lanmò Etyèn lan, disip yo te gaye. Genyen ki te al jouk nan peyi Finisi, nan lil Chip, ak lavil Antiòch. Men, yo t'ap anonse pawòl la bay jwif yo sèlman.
Then those who had gone away at the time of the trouble about Stephen, went as far as Phoenicia and Cyprus, preaching to the Jews only.
οι μεν ουν διασπαρευντες απο της θλιψεως της γενομενης επι στεφανω διηλθον εως φοινικης και κυπρου και αντιοχειας μηδενι λαλουντες τον λογον ει μη μονον ιουδαιοις
- 20 Lè sa a, kèk disip ki te moun Chip ak moun Sirèn al lavil Antiòch. Antan yo la a, yo pale ak moun Lagrès yo; yo fè yo konnen bon nouvèl ki pale sou Jezi Seyè a.
But some of them, men of Cyprus and Cyrene, when they came to Antioch, gave the good news about the Lord Jesus to the Greeks.
ησαν δε τινες εξ αυτων ανδρες κυπριοι και κυρηναιοι οιτινες εισελθοντες εις αντιοχειαν ελαλουν προς τους ελληνιστας ευαγγελιζομενοι τον κυριον ιησουν
- 21 Pouwva Bondye te avèk yo; anpil nan moun Lagrès yo rive kwè, yo te tounen vin jwenn Bondye.
And the power of the Lord was with them, and a great number had faith and were turned to the Lord.
και ην χειρ κυριου μετ αυτων πολυς τε αριθμος πιστευσας επεστρεψεν επι τον κυριον
- 22 Legliz Jerizalèm lan vin aprann nouvèl la. Li voye Banabas lavil Antiòch.
And news of them came to the ears of the church at Jerusalem: and they sent Barnabas as far as Antioch:
ηκουσθη δε ο λογος εις τα ωτα της εκκλησιας της εν ιεροσολυμοις περι αυτων και εξαπεστειλαν βαρναβαν διελθειν εως αντιοχειας
- 23 Lè Banabas rive, li wè ki jan Bondye t'ap beni disip yo. Li pa t' manke kontan, li t'ap ankouraje yo pou yo tout te kenbe fèm ak tout kè yo nan sèvis Seyè a san dekouraje.
Who, when he came and saw the grace of God, was glad; and he made clear to them the need of keeping near the Lord with all the strength of their hearts:
ος παραγενομενος και ιδων την χαριν του θεου εχαρη και παρεκαλει παντας τη προθεσει της καρδιας προσμενειν τω κυριω

- 24 Banabas sa a te yon bon gason. Li te gen anpil konfyans nan Bondye, epi Sentespri te kenbe l' anba pouwva l' tout tan. Anpil moun te vin kwè nan Seyè a.
For he was a good man and full of the Holy Spirit and of faith: and a great number were joined to the Lord.
οτι ην ανηρ αγαθος και πληρης πνευματος αγιου και πιστεως και προσετεθη οχλος ικανος τω κυριω
- 25 Apre sa, Banabas ale lavil Tas, li al chache Sòl.
Then he went on to Tarsus, looking for Saul;
εξηλθεν δε εις ταρσον ο βαρναβας αναζητησαι σαυλον
- 26 Lè l' jwenn li, li mennen l' lavil Antiòch. Yo pase yon lanne ansanm ap fè reyinyon ak legliz la. Yo t'ap moutre anpil moun sa pou yo fè. Se nan lavil Antiòch sa a premyè fwa yo te rele disip yo kreyen.
And when he had come across him, he took him to Antioch. And they were with the church there for a year, teaching the people; and the disciples were first given the name of Christians in Antioch.
και ευρων αυτον ηγαγεν αυτον εις αντιοχειαν εγενετο δε αυτους ενιαυτον ολον συναχθηναι εν τη εκκλησια και διδασκει οχλον ικανον χρηματισαι τε πρωτον εν αντιοχεια τους μαθητας χριστιανους
- 27 ¶ Lè sa a, kèk pwofèt soti Jerizalèm rive Antiòch.
Now in those days prophets came from Jerusalem to Antioch.
εν ταυταις δε ταις ημεραις κατηλθον απο ιεροσολυμων προφηται εις αντιοχειαν
- 28 Yonn ladan yo, ki te rele Agabis, leve epi avèk pouwva Sentespri, li fè konnen tapral gen yon gwo grangou sou tout latè. (Grangou sa a te rive vre sou reny wa Klòd.)
And one of them, named Agabus, said publicly through the Spirit that there would be serious need of food all over the earth: which came about in the time of Claudius.
αναστας δε εις εξ αυτων ονοματι αγαβος εσημανεν δια του πνευματος λιμον μεγαν μελλειν εσεσθαι εφ ολην την οικουμενην οστις και εγενετο επι κλαυδιου καισαρος
- 29 Disip yo deside pou chak moun bay sa yo kapab pou yo voye ede frè yo ki te nan peyi Jide.
And the disciples, everyone as he was able, made a decision to send help to the brothers living in Judaea:
των δε μαθητων καθως ηυπορειτο τις ωρισαν εκαστος αυτων εις διακονιαν πεμψαι τοις κατοικοουσιν εν τη ιουδαια αδελφοις
- 30 Se sa menm yo te fè. Apre sa, yo voye Banabas ak Sòl pote sa yo te ranmase a bay chèf fanmi yo ki te nan Jide.
Which they did, sending it to the rulers of the church by the hand of Barnabas and Saul.
ο και εποιησαν αποστειλαντες προς τους πρεσβυτερους δια χειρος βαρναβα και σαυλου
- 1 ¶ Nan menm epòk sa a, wa Ewòd te pran maltrete kèk manm nan legliz la.
Now, about that time, Herod the king made cruel attacks on the Christians.
κατ εκεινον δε τον καιρον επεβαλεν ηρωδης ο βασιλευς τας χειρας κακωσαι τινας των απο της εκκλησιας
- 2 Li fè touye Jak, frè Jan an, ak nepe.
And he put James, the brother of John, to death with the sword.
ανεilen δε ιακωβον τον αδελφον ιωαννου μαχαιρα
- 3 Lè l' wè sa te fè jwif yo plezi, li fè arete Pyè tou. Se te epòk fèt Pen san ledven an.
And when he saw that this was pleasing to the Jews he went on to take Peter in addition. This was at the time of the feast of unleavened bread.
και ιδων οτι αρεστον εστιν τοις ιουδαιοις προσεθετο συλλαβειν και πετρον ησαν δε ημεραι των αζυμων
- 4 Lè li fin arete Pyè, Ewòd fè mete l' nan prizon. Li mete kat eskwad, yo chak avèk kat sòlda, pou veye li. Li te fè lide pou l' te mennen l' devan pèp la apre fèt Delivrans jwif yo.
And having taken him, he put him in prison, with four bands of armed men to keep watch over him; his purpose being to take him out to the people after the Passover.
ον και πιασας εθετο εις φυλακην παραδους τεσσαρσι τετραδιοις στρατιωτων φυλασσειν αυτον βουλομενος μετα το πασχα αναγαγειν αυτον τω λαω
- 5 ¶ Pyè te anba gwo siveyans nan prizon an. Men, manm legliz yo t'ap lapriyè Bondye pou li san rete.
So Peter was kept in prison: but the church made strong prayer to God for him.
ο μεν ουν πετρος ετηρειτο εν τη φυλακη προσευχη δε ην εκτενης γινομενη υπο της εκκλησιας προς τον θεον υπερ αυτου
- 6 Lavèy jou pou Ewòd ta mennen Pyè konparèt devan pèp la, nan mitan lannwit Pyè t'ap dòmi ak de sòlda, yonn sou chak kote li. Yo te mare l' ak de chenn. Epi te gen gad devan pòt la ki t'ap veye prizon an.
And when Herod was about to take him out, the same night Peter was sleeping in chains between two armed men, and the watchmen were keeping watch before the door of the prison.
οτε δε εμελλεν αυτον προαγειν ο ηρωδης τη νυκτι εκεινη ην ο πετρος κοιμωμενος μεταξυ δυο στρατιωτων δεδεμενος αλυσειν δυσιν φυλακες τε προ της θυρας ετηρουν την φυλακην

- 7 Yon zanj Bondye rete konsa li parèt, yon limyè klere tout kacho a. Zanj lan manyen Pyè bò kòt, li souke l', li di li: Leve vit. Chenn ki te mare men l' yo tonbe.
And a great light was seen shining in the room, and an angel of the Lord came to Peter and, touching him on his side so that he came out of his sleep, said, Get up quickly. And his chains came off his hands.
και ιδου αγγελος κυριου επεστη και φως ελαμψεν εν τω οικηματι παταξας δε την πλευραν του πετρου ηγειρεν αυτον λεγων αναστα εν ταχει και εξεπεσον αυτου αι αλυσεις εκ των χειρων
- 8 Zanj lan di li: Mete sentiwon ou, mare sapat ou. Pyè fè tou sa. Zanj lan di l' ankò: Mete gwo rad ou sou ou, swiv mwen.
Then the angel said, Put on your shoes and get ready to go. And he did so. And he said, Put your coat round you and come with me.
ειπεν τε ο αγγελος προς αυτον περιζωσαι και υποδησαι τα σανδαλια σου εποιησεν δε ουτως και λεγει αυτω περιβαλου το ιματιον σου και ακολουθει μοι
- 9 Pyè swiv zanj lan, li mache soti nan kacho a. Li pa t' kwè sa zanj Bondye a t'ap fè a se te vre. Li te kwè se reve l' t'ap reve.
And he went out after him; and he was not certain if what was done by the angel was a fact, for it seemed to him that he was seeing a vision.
και εξελθων ηκολουθει αυτω και ουκ ηδει οτι αληθες εστιν το γινομενον δια του αγγελου εδοκει δε οραμα βλεπειν
- 10 Yo pase premye pòs gad la, yo pase dezyèm pòs la, yo rive bò pòtay an fè ki bay sou lavil la. Pòtay la louvri pou kont li devan yo. Yo soti, yo pran lari. Menm lè a, zanj lan kite Pyè.
And when they had gone past the first and second watchmen they came to the iron door into the town, which came open by itself: and they went out and down one street; and then the angel went away.
διελθοντες δε πρωτην φυλακην και δευτερην ηλθον επι την πυλην την σιδηραν την φερουσαν εις την πολιν ητις αυτοματη ηνοιχθη αυτοις και εξελθοντες προηλθον ρυμην μιαν και ευθεως απεστη ο αγγελος απ αυτου
- 11 Se lè sa a Pyè vin konprann sak te rive li a. Li di: Koulye a, mwen wè se tout bon. Bondye voye zanj li delivre m' anba men Ewòd. Li sove m' anba tout bagay pèp jwif la t'ap pare pou mwen an.
And when Peter came to his senses he said, Now, truly, I am certain that the Lord has sent his angel and taken me out of the hands of Herod, against all the hopes of the Jews.
και ο πετρος γενομενος εν αυτω ειπεν νυν οίδα αληθως οτι εξαπεστειλεν κυριος τον αγγελον αυτου και εξειλετο με εκ χειρος ηρωδου και πασης της προσδοκιας του λαου των ιουδαιων
- 12 Lè l' vin konprann sityasyon an, li ale dwat kay Mari, manman Jan, ki te gen yon ti non Mak. Te gen anpil moun sanble la, yo t'ap lapriyè.
And when he became clear about this, he went to the house of Mary, the mother of John named Mark, where a number of them had come together for prayer.
συνιδων τε ηλθεν επι την οικιαν μαριας της μητρος ιωαννου του επικαλουμενου μαρκου ου ησαν ικανοι συνηθροισμενοι και προσευχομενοι
- 13 Pyè frape nan pòt devan an. Yon sèvant yo rele Wòd vin reponn.
And he gave a blow on the door, and a young girl came to it, named Rhoda.
κρουσαντος δε του πετρου την θυραν του πυλωνος προσηλθεν παιδισκη υπακουσαι ονοματι ροδη
- 14 Li rekonèt vwa Pyè. Li te sitèlman kontan, li pa louvri pòt la, li kouri antre al di moun yo: Men Pyè deyò a wi.
And hearing the voice of Peter, in her joy she went running, without opening the door, to say that Peter was outside.
και επιγνουςα την φωνην του πετρου απο της χαρας ουκ ηνοιξεν τον πυλωνα εισδραμουσα δε απηγγειλεν εσταναι τον πετρον προ του πυλωνος
- 15 Yo di li: Gen lè ou pèdi tèt ou? Men, li te kenbe sa l' te di a se vre. Lè sa a, yo di li: Se dwe bonnanj li.
And they said to her, You are off your head. But still she said, with decision, that it was so. And they said, It is his angel.
οι δε προς αυτην ειπον μαινη η δε δυσχυριζετο ουτως εχειν οι δ ελεγον ο αγγελος αυτου εστιν
- 16 Men, Pyè t'ap frape pi rèd toujou. Lè yo louvri pòt la, yo wè l', yo pa t' manke sezi.
But Peter went on giving blows on the door: and when it was open and they saw him, they were full of wonder.
ο δε πετρος επεμενεν κρουων ανοιξαντες δε ειδον αυτον και εξεστησαν
- 17 Li fè yo siy ak men l' pou yo pa pale, epi l' rakonte yo ki jan Bondye te fè l' soti nan prizon an. Li di yo ankò. Al di Jak sa pou mwen ansanm ak lòt frè yo. Epi l' soti, li al yon lòt kote.
But he made a sign to them with his hand to be quiet, and gave them an account of how the Lord had taken him out of prison. And he said, Give the news to James and the brothers. And then he went away.
κατασεισας δε αυτοις τη χειρι σιγαν διηγησατο αυτοις πως ο κυριος αυτον εξηγαγεν εκ της φυλακης ειπεν δε απαγγειλατε ιακωβω και τοις αδελφοις ταυτα και εξελθων επορευθη εις ετερον τοπον
- 18 Lè l' fè jou, gad yo te nan yon pakèt tèt chaje. Yo t'ap mande kote Pyè pase.
Now when it was day, the armed men were greatly troubled about what had become of Peter.
γενομενης δε ημερας ην ταραχος ουκ ολιγος εν τοις στρατιωταις τι αρα ο πετρος εγενετο
- 19 Ewòd fè chache l' toupatou, men yo pa jwenn li. Li fè keksyonnen gad yo. Lèfini, li bay lòd touye yo. Apre sa, Ewòd kite peyi Jide, li al lavil Sezare kote li pase kèk tan.
And Herod, when he sent for him, and he was not there, after questioning the watchmen, gave orders that they were to be put to death. Then he went down from Judaea to Caesarea for a time.
ηρωδης δε επιζητησας αυτον και μη ευρων ανακρινας τους φυλακας εκελευσεν απαχθηναι και κατελθων απο της ιουδαιας εις την καισαρειαν διετριβεν

- 20 ¶ Ewòd te fache anpil sou moun lavil Tir ak moun lavil Sidon yo. Sa moun sa yo fè, yo mete ansanm pou yo vin kote li. Yo pran tèt Blastis, yon ofisyè ki t'ap travay lakay wa a. Epi y' al mande Ewòd pou l' fè lapè ak yo, paske se nan peyi Ewòd la moun lakay yo te konn ale fè pwovizyon.
Now he was very angry with the people of Tyre and Sidon: and they came to him, all together, and having made friends with Blastus, the controller of the king's house, they made a request for peace, because their country was dependent on the king's country for its food.
ην δε ο ηρωδης θυμομαχων τυριοις και σιδωνιοις ομοθυμαδον δε παρησαν προς αυτον και πεισαντες βλαστον τον επι του κοιτωνος του βασιλεως ητουντο ειρηνην δια το τρεφεσθαι αυτων την χωραν απο της βασιλικης
- 21 Lè jou yo te fikse a rive, Ewòd abiye l' ak tout kostim wa li sou li, li chita sou gwo fotèy li a, epi l' fè yon diskou ba yo.
And on the day which had been fixed, Herod, dressed in his robes and seated in his place, made a public statement to them.
τακτη δε ημερα ο ηρωδης ενδυσασμενος εσθητα βασιλικην και καθισας επι του βηματος εδημηγορει προς αυτους
- 22 Pèp la pran rele: Se pa yon moun k'ap pale la a, se yon bondye.
And the people, with loud cries, said, It is the voice of a god, not of a man.
ο δε δημοσ επεφωνει θεου φωνη και ουκ ανθρωπου
- 23 Menm lè a, yon zanj Bondye frape Ewòd, paske li te asepte resevwa lwanj ki fèt pou Bondye sèlman. Vè tonbe sou li, epi li mouri.
And straight away the angel of the Lord sent a disease on him, because he did not give the glory to God: and his flesh was wasted away by worms, and so he came to his end.
παραχρημα δε επαταξεν αυτον αγγελος κυριου ανθ ων ουκ εδωκεν την δοξαν τω θεω και γενομενος σκοληκοβρωτος εξεψυξεν
- 24 Pawòl Bondye a menm t'ap gaye plis toujou, li t'ap fè anpil avans.
But the word of the Lord went on increasing.
ο δε λογος του θεου ηυξανεν και επληθυνετο
- 25 Lè Banabas ak Sòl fin fè misyon yo lavil Jerizalèm, yo tounen lakay yo, yo pran Jan ki te gen ti non Mak la ak yo.
And Barnabas and Saul came back from Jerusalem, when their work was ended, taking with them John named Mark.
βαρναβας δε και σαυλος υπεστρεψαν εξ ιερουσαλημ πληρωσαντες την διακονιαν συμπαραλαβοντες και ιωαννην τον επικληθεντα μαρκον
- 1 ¶ Nan legliz Antiòch la te gen kèk pwofèt ak moun ki t'ap bay enstriksyon: se te Banabas, Simeon (yo te rele Ti Nwa), Lisiyis, moun Sirèn, Manayèn (ki te grandi ansanm ak Ewòd, gouvènè a), epi Sòl.
Now there were at Antioch, in the church there, prophets and teachers, Barnabas, and Symeon who was named Niger, and Lucius of Cyrene, and Manaen, a relation of Herod the king, and Saul.
ησαν δε τινες εν αντιοχεια κατα την ουσαν εκκλησιαν προφηται και διδασκαλοι ο τε βαρναβας και σιμεων ο καλουμενος νιγερ και λουκιος ο κυρηναιος μασην τε ηρωδου του τετραρχου συντροφος και σαυλος
- 2 Yon jou, yo t'ap fè sèvis pou Bondye, yo t'ap fè jèn, lè Sentespri di yo: Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a.
And while they were doing the Lord's work, and going without food, the Holy Spirit said, Let Barnabas and Saul be given to me for the special work for which they have been marked out by me.
λειτουρگوυντων δε αυτων τω κυριω και νηστευοντων ειπεν το πνευμα το αγιον αφορισατε δη μοι τον τε βαρναβαν και τον σαυλον εις το εργον ο προσκεκλημαι αυτους
- 3 Lè sa a, yo fè jèn, yo lapriyè, yo mete men sou tèt Banabas ak Sòl, epi yo kite yo ale.
Then, after prayer and going without food they put their hands on them, and sent them away.
τοτε νηστευσαντες και προσευξαμενοι και επιθεντες τας χειρας αυτοις απελυσαν
- 4 ¶ Se konsa Sentespri te voye Banabas ak Sòl an misyon. Y' al nan peyi Selesi. Antan yo la, yo pran yon batiman pou lil Chip.
So, being sent out by the Holy Spirit, they went down to Seleucia; and from there they went by ship to Cyprus.
ουτοι μεν ουν εκπεμφθεντες υπο του πνευματος του αγιου κατηλθον εις την σελευκειαν εκειθεν τε απεπελευσαν εις την κυπρον
- 5 Lè yo rive Salamin yo tanmen anonse pawòl Bondye a nan sinagòg jwif yo. Yo te gen Jan Mak avèk yo pou ede yo.
And at Salamis they were preaching the word of God in the Synagogues of the Jews: and John was with them, helping them.
και γενομενοι εν σαλαμινι κατηγγελλον τον λογον του θεου εν ταις συναγωγαϊς των ιουδαιων ειχον δε και ιωαννην υπηρετην
- 6 Yo travèse tout lil la nèt jouk Pafòs. Rive la, yo jwenn yon majisyen ki te rele Bajezi. Se te yon jwif ki te pran pòz pwofèt li.
And when they had gone through all the island to Paphos, they came across a certain wonder-worker and false prophet, a Jew whose name was Bar-Jesus;
διελθοντες δε την νησον αχρι παφου ευρον τινα μαγον ψευδοπροφητην ιουδαιον ω ονομα βαρηιησους
- 7 Li te bon zanmi ak Sèjyis Polis, chèf lil la. Sèjyis Polis la te yon nonm lespri. Li fè rele Banabas ak Sòl paske li te vle tande pawòl Bondye a.
Who was with the ruler, Sergius Paulus, an able man. This man sent for Barnabas and Saul, desiring to have knowledge of the word of God.
ος ην συν τω ανθυπατω σεργιω παυλω ανδρι συνετω ουτος προσκαλεσασμενος βαρναβαν και σαυλον επεζητησεν ακουσαι τον λογον του θεου

- 8 Men, Elimas (se te non majisyen an nan lang grèk) t'ap kenbe tèt ak yo. Li t'ap chache detounen gouvènè a pou l' pa t' kwè.
But Elymas, the wonder-worker (for that is the sense of his name), put himself against them, with the purpose of turning the ruler from the faith.
ανθιστατο δε αυτοις ελυμας ο μαγος ουτως γαρ μεθερμηνευεται το ονομα αυτου ζητων διαστρεψαι τον ανθυπατον απο της πιστεως
- 9 Men, Sòl (yo te rele Pòl tou), anba pouvw Sentespri, fikse je l' sou majisyen an,
But Saul, whose other name is Paul, being full of the Holy Spirit, looking hard at him, said,
σαυλος δε ο και παυλος πλησθεις πνευματος αγιου και ατεινισας εις αυτον
- 10 li di li: Ou menm, ou se pitit Satan. Ou plen riz ak mechanste nan kè ou, ou pa vle wè anyen ki bon. Eske ou p'ap sispann vire travay Bondye a lanvè?
O you, who are full of false tricks and evil ways, a son of the Evil One, hating all righteousness, will you for ever be turning people from the right ways of the Lord?
ειπεν ω πληρης παντος δολου και πασης ραδιουργιας υιε διαβολου εχθρε πασης δικαιοσυνης ου παυση διαστρεφων τας οδους κυριου τας ευθειας
- 11 Koulye a, koute: Bondye pral mete men sou ou: ou pral vin avèg, ou p'ap wè limyè solèy pou kèk tan. Menm lè a, je Elimas vin bouche, li wè tou nwa. Li t'ap vire adwat agoch, li t'ap chache yon moun pou pran men l' pou kondi li.
And now, see, the hand of the Lord is on you, and you will be blind and not able to see the sun for a time. And straight away a dark mist came down on him; and he went about looking for a guide.
και νυν ιδου χειρ του κυριου επι σε και εση τυφλος μη βλεπον τον ηλιον αχρι καιρου παραχηρμα δε επεπεσεν επ αυτον αχλος και σκοτος και περιαγων εζητει χειραγωγους
- 12 Lè gouvènè a wè sak te rive a, li kwè. Sa te frape l' anpil lè l' tande tou sa yo t'ap moutre li sou Seyè a.
Then the ruler, when he saw what was done, had faith, being full of wonder at the teaching of the Lord.
τοτε ιδων ο ανθυπατος το γεγονος επιστευσεν εκπλησσομενος επι τη διδαχη του κυριου
- 13 Pòl ak kanmarad li yo pran batiman nan lavil Pafòs, y' al lavil Pèj nan peyi Panfili. Antan yo la, Jan Mak kite yo, li tounen Jerizalèm.
Then Paul and those who were with him went by ship from Paphos and came to Perga in Pamphylia: and there John went away from them and came back to Jerusalem.
αναχθεντες δε απο της παφου οι περι τον παυλον ηλθον εις περγην της παμφυλιας ιωαννης δε αποχωρησας απ αυτων υπεστρεψεν εις ιεροσολυμα
- 14 ¶ Yo kite Pèj, yo pousib wout yo jouk yo rive lavil Antiòch nan peyi Pisidi. Jou repo a, yo antre nan sinagòg la, yo chita.
But they, going through from Perga, came to Antioch in Pisidia; and they went into the Synagogue on the Sabbath and were seated.
αυτοι δε διελθοντες απο της περγης παρεγενοντο εις αντιοχειαν της πισιδιας και εισελθοντες εις την συναγωγην τη ημερα των σαββατων εκαθισαν
- 15 Apre moun yo te fin li nan liv lalwa a ak nan liv pwofèt yo, chèf sinagòg la voye di yo: Frè m' yo, si nou gen kèk pawòl pou ankouraje asanble a, nou mèt pale koulye a.
And after the reading of the law and the prophets, the rulers of the Synagogue sent to them, saying, Brothers, if you have a word of comfort for the people, say on.
μετα δε την αναγνωσιν του νομου και των προφητων απεστειλαν οι αρχισυναγωγοι προς αυτους λεγοντες ανδρες αδελφοι ει εστιν λογος εν υμιν παρακλησεως προς τον λαον λεγετε
- 16 Pòl leve kanpe, li fè yon siy ak men l', epi li di: Nou menm moun ras Izrayèl, ak nou menm moun lòt nasyon ki gen krentif pou Bondye, koute mwen.
And Paul, getting up and making a sign with his hand, said, Men of Israel, and you who have the fear of God, give ear.
αναστας δε παυλος και κατασεισας τη χειρι ειπεν ανδρες ισραηλιται και οι φοβουμενοι τον θεον ακουσατε
- 17 Bondye pèp Izrayèl la te chwazi zansèt nou yo. Antan yo t'ap viv tankou etranje nan peyi Lejip, li fè pèp la vin yon kantite. Apre sa, ak fòs ponyèt li, li fè yo sot kite peyi a.
The God of this people Israel made selection of our fathers, lifting the people up from their low condition when they were living in the land of Egypt, and with a strong arm took them out of it.
ο θεος του λαου τουτου ισραηλ εξελεξατο τους πατερας ημων και τον λαον υψωσεν εν τη παροιικια εν γη αιγυπτω και μετα βραχιονος υψηλου εξηγαγεν αυτους εξ αυτης
- 18 Pandan karantan, li pran pasyans ak yo nan dezè a.
And for about forty years he put up with their ways in the waste land.
και ως τεσσαρακονταετη χρονον ετροποφορησεν αυτους εν τη ερημω
- 19 Li detwi sèt nasyon nan peyi Kanaran, li pran tout tè yo, li bay pèp li a pou pwopryete pa yo,
And having put to destruction seven nations in the land of Canaan, he gave them the land for their heritage for about four hundred and fifty years.
και καθελων εθνη επτα εν γη χανααν κατεκληροδοτησεν αυτοις την γην αυτων
- 20 pou katsansenkant (450) lanne. Apre sa, li mete jij pou kòmande yo jouk pou rive nan tan pwofèt Samyèl.
And after these things he gave them judges, till the time of Samuel the prophet.
και μετα ταυτα ως ετεσιν τετρακοσιοις και πενητηκοντα εδωκεν κριτας εως σαμουηλ του προφητου
- 21 Lè sa a, yo mande pou yon wa. Bondye ba yo Sayil, pitit gason Kis la, moun branch fanmi Benjamen, pou wa pandan karantan.
Then at their request for a king, God gave them Saul, the son of Kish, a man of the family of Benjamin, who was their king for forty years.
κακειθεν ητησαντο βασιλευα και εδωκεν αυτοις ο θεος τον σαουλ υιον κισ ανδρα εκ φυλης βενιαμιν ετη τεσσαρακοντα

- 22 Lè li wete Sayil, li ba yo David pou wa. Men sa Bondye te di sou David: Mwen jwenn David, pitit gason Izayi a. Se yon nonm ki fè m' plezi. Li va fè tou sa m' vle l' fè.
And having put him on one side, he made David their king, to whom he gave witness, saying, I have taken David, the son of Jesse, a man dear to my heart, who will do all my pleasure.
 και μεταστησας αυτον ηγειρεν αυτοις τον δαβιδ εις βασιλευα ω και ειπεν μαρτυρησας ευρον δαβιδ τον του ιεσσαι ανδρα κατα την καρδιαν μου ος ποιησει παντα τα θεληματα μου
- 23 Se Jezi, yonn nan pitit pitit David yo, Bondye mete pou delivre pèp Izrayèl la, jan l' te pwomèt la.
From this man's seed has God given to Israel a Saviour, even Jesus, as he gave his word;
 τουτου ο θεος απο του σπερματος κατ επαγγελιαν ηγειρεν τω ισραηλ σωτηρα ιησουν
- 24 Men, anvan Jezi te vini, Jan t'ap mache bay mesaj sa a, li t'ap rele tout pèp Izrayèl la pou yo te tounen vin jwenn Bondye, pou yo te resevwa batèm.
For whose coming John made ready the way by preaching to all the people of Israel the baptism which goes with a change of heart.
 προκηρυξαντος ιωαννου προ προσωπου της εισοδου αυτου βαπτισμα μετανοιας παντι τω λαω ισραηλ
- 25 Lè Jan te prèt pou fini ak misyon l' lan, li di pèp la: Ki moun nou kwè mwen ye? Moun n'ap tann lan, se pa mwen. Men, koute, moun sa a ap vini apre mwen. Mwen menm, mwen pa bon ase pou m' ta demare kòd sapat ki nan pye li.
And when John was completing his work, he said, What do I seem to you to be? I am not he; but one is coming after me, whose shoes I am not good enough to undo.
 ως δε επληρου ο ιωαννης τον δρομον ελεγεν τινα με υπονοειτε ειναι ουκ εμι εγω αλλ ιδου ερχεται μετ εμε ου ουκ εμι αξιος το υποδημα των ποδων λυσαι
- 26 Frè m' yo, nou menm moun ras Abraram lan ak nou menm moun lòt nasyon isit la ki gen krentif pou Bondye, Bondye voye di nou li vin delivre nou.
My brothers, children of the family of Abraham, and those among you who have the fear of God, to us the word of this salvation is sent.
 ανδρες αδελφοι υιοι γενους αβρααμ και οι εν υμιν φοβουμενοι τον θεον υμιν ο λογος της σωτηριας ταυτης απεσταλη
- 27 Paske, moun lavil Jerizalèm ansanm ak chèf yo pa t' konnen ki moun Jezi te ye. Yo pa t' konprann sans pawòl pwofèt yo, pawòl ki li nan zòrèy yo chak jou repo. Men, se yo menm ankò ki fè tout pawòl sa yo rive vre lè yo te kondannen Jezi.
For the men of Jerusalem and their rulers, having no knowledge of him, or of the sayings of the prophets which come to their ears every Sabbath day, gave effect to them by judging him.
 οι γαρ κατοικουντες εν ιερουσαλημ και οι αρχοντες αυτων τουτον αγνοησαντες και τας φωνας των προφητων τας κατα παν σαββατον αναγνωσκομενας κριναντες επληρωσαν
- 28 Atout yo pa t' jwenn anyen nan sa Jezi te fè ki pou ta fè l' merite lanmò, yo te mande Pilat fè touye li.
And though no cause of death was seen in him, they made a request to Pilate that he might be put to death.
 και μηδεμια αιτιαν θανατου ευροντες ητησαντο πιλατον αναρεθηναι αυτον
- 29 Lè yo fin fè tout bagay ki te ekri sou li nan liv yo rive vre, yo desann li sou kwa a, yo mete l' nan yon kavò.
And when they had done all the things said in the Writings about him, they took him down from the tree, and put him in the place of the dead.
 ως δε ετελεσαν απαντα τα περι αυτου γεγραμμενα καθελοντες απο του ξυλου εθηκαν εις μνημειον
- 30 Men, Bondye fè l' leve soti vivan nan lanmò.
But God gave him back from the dead:
 ο δε θεος ηγειρεν αυτον εκ νεκρων
- 31 Apre sa, pandan plizyè jou, moun ki te moute Jerizalèm soti peyi Galile ansanm avèk li yo, yo te wè l' ak je yo. Se yo menm k'ap sèvi l' temwen koulye a devan pèp Izrayèl la.
And for a number of days he was seen by those who came with him from Galilee to Jerusalem, who are now his witnesses before the people.
 ος ωφθη επι ημερας πλειους τοις συναβασιν αυτω απο της γαλιλαιας εις ιερουσαλημ οιτινες εισιν μαρτυρες αυτου προς τον λαον
- 32 Nou menm, nou vin fè nou konnen bon nouvèl sa a isit la. Bagay Bondye te pwomèt zansèt nou yo,
And we are giving you the good news of the undertaking made to the fathers,
 και ημεις υμας ευαγγελιζομεθα την προς τους πατερας επαγγελιαν γενομενην οτι ταυτην ο θεος εκπεπληρωκεν τοις τεκνοις αυτων ημιν αναστησας ιησουν
- 33 li fè l' pou nou ki pitit pitit yo: li fè Jezi leve soti vivan nan lanmò, dapre sa ki ekri nan Sòm de a: Ou se pitit mwen. Depi jòdi a se mwen ki papa ou.
Which God has now put into effect for our children, by sending Jesus; as it says in the second Psalm, You are my Son; this day I have given you being.
 ως και εν τω ψαλμω τω δευτερω γεγραπται υιος μου ει συ εγω σημερον γεγεννηκα σε
- 34 Bondye te fè konnen li t'ap fè l' soti vivan nan lanmò pou l' pa t' janm tounen pouriti ankò. Se sa l' te fè konnen, lè l' te di: M'a ba ou tout benediksyon mwen te pwomèt David yo, ou mèt konte sou yo.
And about his coming back from the dead, never again to go to destruction, he has said these words, I will give you the holy and certain mercies of David.
 οτι δε ανεστησεν αυτον εκ νεκρων μηκετι μελλοντα υποστρεφειν εις διαφθοραν ουτως ειρηκεν οτι δωσω υμιν τα οσια δαβιδ τα πιστα

- 35 Se poutèt sa, yon lòt kote li di konsa: Ou pa penmèt moun k'ap sèvi ou la pouri anba tè.
Because he says in another Psalm, You will not let your Holy One see destruction.
διο και εν ετερω λεγει ου δωσεις τον οσιον σου ιδειν διαφθοραν
- 36 Men, apre David te fin sèvi plan Bondye nan mitan moun ki t'ap viv menm lè avè l' yo, li mouri. Yo antere l' menm kote ak zansèt li yo, epi li pouri anba tè.
Now David, having done God's work for his generation, went to sleep, and was put with his fathers, and his body came to destruction:
δαβιδ μεν γαρ ιδια γενεα υπηρετησας τη του θεου βουλη εκοιμηθη και προσετεθη προς τους πατερας αυτου και ειδεν διαφθοραν
- 37 Men, moun Bondye te leve soti vivan nan lanmò a, li pa janm pouri anba tè.
But he, who was lifted up by God, did not see destruction.
ον δε ο θεος ηγειρεν ουκ ειδεν διαφθοραν
- 38 -(we vèsè pwochen)
And so, let it be clear to you, my brothers, that through this man forgiveness of sins is offered to you:
γνωστον ουν εστω υμιν ανδρες αδελφοι οτι δια τουτου υμιν αφεις αμαρτιων καταγγελλεται
- 39 Frè m' yo, nou fèt pou nou konn sa byen: Bondye voye Jezi fè nou konnen l'ap padonnen tout peche nou yo: tout moun ki mete konfyans yo nan Jezi, y'ap delivre anba tout peche lalwa Moyiz pa t' ka wele pou yo.
And through him everyone who has faith is made free from all those things, from which the law of Moses was not able to make you free.
και απο παντων ων ουκ ηδυνηθητε εν τω νομο μωσεως δικαιοθηναι εν τουτω πας ο πιστευων δικαιουται
- 40 Atansyon pou bagay pwofèt yo te di a pa rive nou:
So take care that these words of the prophets do not come true for you;
βλεπετε ουν μη επελθη εφ υμας το ειρημενον εν τοις προφηταις
- 41 Gade non, nou menm k'ap meprize moun, sezisman pral touye nou. Paske mwen pral fè yon travay koulye a nan mitan nou, bagay nou pa ta kwè, menm si moun ta rakonte nou li.
See, you doubters, have wonder and come to your end; for I will do a thing in your days to which you will not give belief, even if it is made clear to you.
ιδετε οι καταφρονηται και θαυμασατε και αφανισθητε οτι εργον εγω εργαζομαι εν ταις ημεραις υμων εργον ω ου μη πιστευσητε εαν τις εκδιχηται υμιν
- 42 ¶ Antan Banabas ak Pòl t'ap soti nan sinagòg la, moun yo mande yo pou yo tounen jou repo k'ap vini an pou pale sou tout bagay sa yo ankò.
And when they went out, they made a request that these words might be said to them again on the Sabbath after.
εξιοντων δε εκ της συναγωγης των ιουδαιων παρεκαλουν τα εθνη εις το μεταξυ σαββατον λαληθηναι αυτοις τα ρηματα ταυτα
- 43 Apre reyinyon an, anpil jwif ak anpil moun lòt nasyon ki te konvèti nan relijyon jwif yo te swiv Pòl ak Banabas. Apòt yo menm te pale ak yo, yo te ankouraje yo pou yo rete fèm nan favè Bondye.
Now when the meeting was ended, a number of the Jews and of the God-fearing Gentiles who had become Jews, went after Paul and Barnabas: who put before them how important it was to keep on in the grace of God.
λυθεισης δε της συναγωγης ηκολουθησαν πολλοι των ιουδαιων και των σεβομενων προσηλυτων τω παυλω και τω βαρναβα οιτινες προσλαουντες αυτοις επειθον αυτοις επιμενειν τη χαριτι του θεου
- 44 Jou repo ki vin apre a, prèske tout moun nan lavil la te sanble pou tande pawòl Seyè a.
And on the Sabbath after, almost all the town came together to give hearing to the word of God.
τω δε ερχομενω σαββατω σχεδον πασα η πολις συνηχθη ακουσαι τον λογον του θεου
- 45 Lè jwif yo wè foul moun yo, yo pran fè jalouzi: yo t'ap demanti tou sa Pòl t'ap di a, yo t'ap joure li.
But when the Jews saw such a great number of people, they were full of envy and said evil words against Paul's preaching.
ιδοντες δε οι ιουδαιοι τους οχλους επλησθησαν ζηλου και αντελεγον τοις υπο του παυλου λεγομενοις αντιλεγοντες και βλασφημουντες
- 46 Men, Pòl ak Banabas di yo kareman: Se nou menm premye moun ki pou te resevwa Pawòl Bondye a. Men, n'ap repouse l', nou pa konsidere tèt nou bon ase pou n' antre nan lavi ki p'ap janm fini an. Enben, koulye a nou pral vire bò kote moun lòt nasyon yo.
Then Paul and Barnabas without fear said, It was necessary for the word of God to be given to you first; but because you will have nothing to do with it, and have no desire for eternal life, it will now be offered to the Gentiles.
παρησιασαμενοι δε ο παυλος και ο βαρναβας ειπον υμιν ην αναγκαιον πρωτον λαληθηναι τον λογον του θεου επειδη δε αποθεισθε αυτον και ουκ αξιους κρινετε εαυτους της αιωνιου ζωης ιδου στρεφουμεθα εις τα εθνη
- 47 Men lòd Bondye te ban nou: Mwen mete ou pou sèvi yon limyè pou lòt nasyon yo, pou ou kapab ale toupatou sou latè, moutre ki jan tout moun ka jwenn delivrans.
For so the Lord has given us orders, saying, I have given you for a light to the Gentiles so that you may be for salvation to the ends of the earth.
ουτως γαρ εντεταλται ημιν ο κυριος τεθεικα σε εις φως εθνον του ειναι σε εις σωτηριαν εως εσχατου της γης

- 48 Lè moun lòt nasyon yo tandè sa, yo pa t' manke kontan: yo pran fè lwanj pawòl Bondye a. Tout moun Bondye te chwazi davans pou resevwa lavi ki p'ap janm fini an te kwè.
And the Gentiles, hearing this, were glad and gave glory to the word of God: and those marked out by God for eternal life had faith.
 ακουοντα δε τα εθνη εχαιρον και εδοξασον τον λογον του κυριου και επιστευσαν οσοι ησαν τεταγμενοι εις ζωην αιωνιον
- 49 Pawòl Bondye a t'ap gaye toupatou nan peyi a.
And the word of the Lord went through all the country.
 διεφερετο δε ο λογος του κυριου δι ολης της χωρας
- 50 Men, jwif yo moute tèt medam lasosyete ki te konvèti nan relijyon jwif yo, ansanm ak grannèg lavil yo. Yo tout yo pran pèsekite Pòl ak Banabas: yo mete yo deyò nan peyi a.
But the Jews, working up the feelings of the God-fearing women of high position and of the chief men of the town, got an attack started against Paul and Barnabas, driving them out of those parts.
 οι δε ιουδαιοι παρωτρυναν τας σεβομενας γυναικας και τας ευσημονας και τους πρωτους της πολεως και επηγειραν διωγμον επι τον παυλον και τον βαρναβαν και εξεβαλον αυτους απο των οριων αυτων
- 51 Pòl ak Banabas souke pousyè pye yo sou yo, y' ale lavil Ikonìòm.
But they, shaking off the dust of that place from their feet, came to Iconium.
 οι δε εκτιναζαμενοι τον κονιορτον των ποδων αυτων επ αυτους ηλθον εις ικονιον
- 52 Nan Antiòch menm, disip yo te kontan anpil, Sentespri te plen kè yo.
And the disciples were full of joy and of the Holy Spirit.
 οι δε μαθηται επληρουντο χαρας και πνευματος αγιου
- 1 ¶ Nan Ikonìòm, Pòl ak Banabas antre nan sinagòg jwif yo tou. Yo pale sitèlman byen, anpil jwif ak anpil moun lòt nasyon te kwè.
Now in Iconium they went together to the Synagogue of the Jews and gave such teaching that a great number of Jews and Greeks had faith.
 εγενετο δε εν ικονιω κατα το αυτο εισελθειν αυτους εις την συναγωγην των ιουδαιων και λαλησαι ουτως οστε πιστευσαι ιουδαιων τε και ελληνων πολυ πληθος
- 2 Men jwif ki pa t' kwè yo moute tèt moun lòt nasyon yo, yo fè yo vire sou do Pòl ak Banabas.
But those Jews who had not the faith, made the minds of the Gentiles bitter against the brothers.
 οι δε απειθουντες ιουδαιοι επηγειραν και εκακωσαν τας ψυχας των εθνων κατα των αδελφων
- 3 Pòl ak Banabas rete nan lavil la lontan ankò, yo t'ap fè konnen favè Bondye a avèk anpil konviksyon, paske yo te gen konfyans nan Seyè a. Seyè a menm te bay disip yo pouvwa fè anpil bèl bagay ak anpil mirak pou l' te montre sa yo t'ap di a te vre.
So they kept there for a long time, taking heart in the Lord, who gave witness to the word of his grace by causing signs and wonders to be done by their hands.
 ικανον μεν συν χρονον διετριψαν παρρησιαζομενοι επι τω κυριο τω μαρτυρουντι τω λογω της χαριτος αυτου και διδοντι σημεια και τερατα γινεσθαι δια των χειρων αυτων
- 4 Nan lavil la moun te fè de kan: yon bò te gen patizan jwif yo, lòt bò a te gen patizan apòt yo.
But there was a division among the people of the town; some were on the side of the Jews and some on the side of the Apostles.
 εσχισθη δε το πληθος της πολεως και οι μεν ησαν συν τοις ιουδαιοις οι δε συν τοις αποστολοις
- 5 Jwif yo, moun lòt nasyon yo ansanm ak chèf yo t'ap pare pou maltrete Pòl ak Banabas, pou touye yo ak kout wòch.
And when a violent attempt was made by the Gentiles and the Jews, with their rulers, to make an attack on them and have them stoned,
 ως δε εγενετο ορμη των εθνων τε και ιουδαιων συν τοις αρχουσιν αυτων υβρισαι και λιθοβολησαι αυτους
- 6 Lè Pòl ak Banabas wè sa, yo kouri met deyò, y' al nan peyi Likaoni, yo rete lavil List ak lavil Dèb ak nan vwazinaj yo.
Having got news of it, they went in flight to the towns of Lycaonia, Lystra, and Derbe, and the country round about:
 συνιδοντες κατεφυγον εις τας πολεις της λυκαονιας λυστραν και δερβην και την περιχωρον
- 7 Yo t'ap anonse bon nouvèl la la tou.
And went on preaching the good news there.
 κακει ησαν ευαγγελιζομενοι
- 8 ¶ Nan List te gen yon nonm enfim ki te toujou rete chita, paske de pye l' yo te paralize. Li te fèt tou konsa, li pa t' janm mache menm.
And at Lystra there was a certain man, who from birth had been without the use of his feet, never having had the power of walking.
 και τις ανηρ εν λυστροις αδυνατος τοις ποσιν εκαθητο χωλος εκ κοιλιας μητρος αυτου υπαρχων ος ουδεποτε περιπεπατηκει

- 9 Li t'ap koute sa Pòl t'ap di. Pòl fikse je l' sou li, li wè nonm lan te gen kont konfyans nan Bondye pou l' te geri.
This man was giving ear to the preaching of Paul, who, looking at him, and seeing that he had faith to be made well,
ουτος ηκουεν του παυλου λαλουντος ος ατενισας αυτω και ιδων οτι πιστιν εχει του σωθηναι
- 10 Pòl pale byen fò, li di: Leve, kanpe dwat sou de pye ou yo! Nonm lan vole kanpe, epi li pran mache.
Said in a loud voice, Get up on your feet. And, jumping up, he went walking about.
ειπεν μεγαλη τη φωνη αναστηθι επι τους ποδας σου ορθος και ηλλετο και περιεπατει
- 11 Lè foul moun yo wè sa Pòl te fè a, yo pran rele an likasyonen, lang peyi a: Men bondye yo pran fòm moun, yo desann vin jwenn nou.
And when the people saw what Paul had done, they said in a loud voice, in the language of Lycaonia, The gods have come down to us in the form of men.
οι δε οχλοι ιδοντες ο εποιησεν ο παυλος επηραν την φωνην αυτων λυκαονιστι λεγοντες οι θεοι ομοιωθεντες ανθρωποις κατεβησαν προς ημας
- 12 Yo rele Banabas Zeyis, yo rele Pòl Emès paske se li menm ki t'ap pale.
And they gave the name of Jupiter to Barnabas, and to Paul that of Mercury, because he was the chief talker.
εκαλουν τε τον μεν βαρναβαν δια τον δε παυλον ερμην επειδη αυτος ην ο ηγουμενος του λογου
- 13 Prèt ki sèvi nan tanp Zeyis ki te bò pòtay lavil la mennen kèk towò bèf ak kolye flè devan pòtay la. Ansanm ak pèp la, yo t'ap pare pou yo te fè ofrann bèt pou yo touye bay Pòl ak Banabas.
And the priest of the image of Jupiter, which was before the town, took oxen and flowers to the doors of the town, and was about to make an offering with the people.
ο δε ιερευς του διος του οντος προ της πολεως αυτων ταυρους και στεμματα επι τους πυλωνας ενεγκας συν τοις οχλοις ηθελεν θυειν
- 14 Lè apòt yo tande sa, yo chire rad sou yo, yo kouri nan mitan foul la, yo pale byen fò, yo t'ap di:
But when this came to the ears of the Apostles, Paul and Barnabas, they went running out among the people, parting their clothing, and crying out,
ακουσαντες δε οι αποστολοι βαρναβας και παυλος διαρρηξαντες τα ιματια αυτων εισεπηδησαν εις τον οχλον κραζοντες
- 15 Mezanmi, sa n'ap fè konsa? Nou se moun tankou nou tou: nou vin isit la anonse nou yon bon nouvèl: Se pou nou kite tout zidòl sa yo ki pa vo anyen pou n' vire bò kot Bondye ki vivan an. Se li menm ki fè syèl la, tè a, lanmè a ansanm ak tout sa ki ladan yo.
Good people, why are you doing these things? We are men with the same feelings as you, and we give you the good news so that you may be turned away from these foolish things to the living God, who made the heaven and the earth and the sea and all things in them:
και λεγοντες ανδρες τι ταυτα ποιειτε και ημεις ομοιοπαθεις εσμεν υμιν ανθρωποι ευαγγελιζομενοι υμας απο τουτων των ματαιων επιστρεφειν επι τον θεον τον ζωντα ος εποιησεν τον ουρανον και την γην και την θαλασσαν και παντα τα εν αυτοις
- 16 Nan tan lontan, li te kite tout nasyon swiv chemen pa yo.
Who in the past let all nations go in the ways which seemed good to them.
ος εν ταις παρωχημεναις γενεαις εισαεν παντα τα εθνη πορευεσθαι ταις οδοις αυτων
- 17 Men, li te toujou ap fè yo konnen ki moun li ye, li te fè anpil byen pou yo: li ban nou lapli ki sot nan syèl la ak sezon rekòt. Li ban nou manje an kantite, epi li fè kè nou kontan anpil.
But he was not without witness, because he did good, and gave you rain from heaven and times of fruit, making your hearts full of food and joy.
και τοι γε ουκ αμαρτυρον εαυτον αφηκεν αγαθοποιων ουρανοθεν ημιν υετους διδους και καιρους καρποφορους εμπιπλων τροφης και ευφροσυνης τας καρδιας ημων
- 18 Menm avèk tout pawòl sa yo, se pa t' ti traka anvan apòt yo te resi rive anpeche moun yo fè ofrann bèt yo.
And even with these words, it was hard for them to keep the people from making an offering to them.
και ταυτα λεγοντες μολις κατεπαυσαν τους οχλους του μη θυειν αυτοις
- 19 ¶ Kèk jwif sot Antioch (ki nan peyi Pisidi) ak Ikonio. Yo pran tèt foul la, yo kalonnen Pòl kout wòch pou yo touye li. Apre sa, yo trennen l' mete andeyò lavil la, yo te kwè l' te mouri.
But some Jews came to that place from Antioch and Iconium, and got control over the people; and after stoning Paul, they had him pulled out of the town, taking him for dead.
επηλθον δε απο αντιοχειας και ικονιου ιουδαιοι και πεισαντες τους οχλους και λιθασαντες τον παυλον εσυρον εξω της πολεως νομισαντες αυτον τεθναται
- 20 Men, lè disip yo vin sanble bò kote l', li leve kanpe, epi l' tounen antre nan lavil la. Nan denmen, li pati avèk Banabas, y' al lavil Dèb.
But when the disciples came round him, he got up and went into the town: and the day after he went away with Barnabas to Derbe.
κυκλωσαντων δε αυτον των μαθητων αναστας εισηλθεν εις την πολιν και τη επαυριον εξηλθεν συν τω βαρναβα εις δερβην
- 21 Pòl ak Banabas anonse bon nouvèl la nan lavil Dèb. Yo te fè anpil disip la. Apre sa, yo tounen, yo pase List, Ikonio, Antioch (ki nan peyi Pisidi).
And having made a number of disciples through the preaching of the good news in that town, they went back to Lystra and Iconium and Antioch,
ευαγγελισαμενοι τε την πολιν εκεινην και μαθητευσαντες ικανους υπεστρεψαν εις την λυστραν και ικονιον και αντιοχειαν

- 22 Yo t'ap bay disip yo fòs, yo t'ap ankouraje yo pou yo rete fèm nan konfyans yo. Yo t'ap di yo: Nou gen pou nou soufri anpil anvan pou n' antre nan peyi kote Bondye wa a.
Making strong the souls of the disciples, saying to them that they were to keep the faith, and that we have to go through troubles of all sorts to come into the kingdom of God.
επιστηριζοντες τας ψυχας των μαθητων παρακαλουντες εμμενειν τη πιστει και οτι δια πολλων θλιψεων δει ημας εισελθειν εις την βασιλειαν του θεου
- 23 Nan chak legliz, yo chwazi kèk chèf fanmi. Yo fè jèn, yo lapriyè. Apre sa, yo renmèt yo nan men Bondye, Seyè ki te gen tout konfyans yo a.
And when they had made selection of some to be rulers in every church, and had given themselves to prayer and kept themselves from food, they put them into the care of the Lord in whom they had faith.
χειροτονησαντες δε αυτοις πρεσβυτερους κατ εκκλησιαν προσευξαμενοι μετα νηστειων παρεθεντο αυτοις τω κυριω εις ον πεπιστευκεισαν
- 24 Yo travèse peyi Pisidi, yo rive nan Panfili.
And they went through Pisidia and came to Pamphylia.
και διελθοντες την πισιδιαν ηλθον εις παμφυλιαν
- 25 Yo anonse pawòl Bondye a lavil Pèj. Apre sa, yo desann Atali.
And, after preaching the word in Perga, they went down to Attalia;
και λαλησαντες εν περγη τον λογον κατεβησαν εις ατταλειαν
- 26 Antan yo la, yo pran batiman pou Antiòch. Se la nan menm Antiòch sa a yo te renmèt yo nan men Bondye ki te ba yo favè l' pou yo te al fè tout travay yo sot fè a.
And from there they went by ship to Antioch, where they had been handed over to the grace of God for the work which they had not done.
κακειθεν απελευσαν εις αντιοχειαν οθεν ησαν παραδεδομενοι τη χαριτι του θεου εις το εργον ο εληρωσαν
- 27 Lè yo rive Antiòch, yo reyini legliz la, yo rakonte tou sa Bondye te ba yo pouvwa fè pou li, ki jan li te louvri pòt pou moun ki pa jwif yo kapab kwè tou.
And when they came there, and had got the church together, they gave them an account of all the things which God had done through them, and how he had made open a door of faith to the Gentiles.
παραγομενοι δε και συναγαγοντες την εκκλησιαν ανηγγειλαν οσα εποιησεν ο θεος μετ αυτων και οτι ηνοιξεν τοις εθνεσιν θυραν πιστεως
- 28 Apre sa, yo rete lontan avèk disip Antiòch yo.
And they were with the disciples there for a long time.
διετριβον δε εκει χρονον ουκ ολιγον συν τοις μαθηταις
- 1 ¶ Kèk mesye soti nan peyi Jide rive lavil Antiòch. Yo t'ap moutre frè yo yon bann bagay, yo t'ap di: Bondye p'ap kapab delivre nou si yo pa sikonsi nou, jan lalwa Moyiz mande l' la.
Now certain men came down from Judaea, teaching the brothers and saying that without circumcision, after the rule of Moses, there is no salvation.
και τινες κατελθοντες απο της ιουδαιας εδιδασκον τους αδελφους οτι εαν μη περιτεμνησθε τω εθει μουσεως ου δυνασθε σωθηναι
- 2 Pòl ak Banabas pa t' dakò menm ak moun sa yo. Sa te fè yon gwo diskisyon. Se konsa, frè yo decide voye Pòl, Banabas ansanm ak kèk lòt moun Antiòch moute Jerizalèm pou regle keksyon sa a ak apòt yo ansanm ak chèf fanmi yo.
And after Paul and Barnabas had had no little argument and discussion with them, the brothers made a decision to send Paul and Barnabas and certain others of them to the Apostles and the rulers of the church at Jerusalem about this question.
γενομενης ουν στασεως και συζητησεως ουκ ολιγης τω παυλω και τω βαρναβα προς αυτους εταξαν αναβαιναι παυλον και βαρναβαν και τινας αλλους εξ αυτων προς τους αποστολους και πρεσβυτερο υς εις ιερουσαλημ περι του ζητηματος τουτου
- 3 Se legliz la ki te voye yo fè vwayaj sa a. Yo pase nan Finisi ak nan Samari. Sou tout wout la, yo t'ap rakonte ki jan moun ki pa jwif yo te tounen vin jwenn Bondye. Tout frè yo te kontan anpil lè yo tande sa.
So they, being sent on their way by the church, went through Phoenicia and Samaria, giving news of the salvation of the Gentiles, to the great joy of all the brothers.
οι μεν ουν προπεμφθεντες υπο της εκκλησιας διηρχοντο την φοινικην και σαμαρειαν εκδιηγουμενοι την επιστροφην των εθνων και εποιουν χαραν μεγαλην πασιν τοις αδελφοις
- 4 Lè yo rive Jerizalèm, tout legliz la, apòt yo ak chèf fanmi yo te byen resevwa yo. Pòl ak Banabas rakonte moun Jerizalèm yo tou sa Bondye te ba yo pouvwa fè pou li.
And when they came to Jerusalem, they had a meeting with the church and the Apostles and the rulers, and they gave an account of all the things which God had done through them.
παραγομενοι δε εις ιερουσαλημ απεδεχθησαν υπο της εκκλησιας και των αποστολων και των πρεσβυτερων ανηγγειλαν τε οσα ο θεος εποιησεν μετ αυτων
- 5 Se lè sa a kèk disip, ansyen patizan farizyen yo, kanpe, yo di: Se pou n' sikonsi moun lòt nasyon yo tou. Se pou n' mande yo pou yo obeyi lalwa Moyiz la tou.
But some of the Pharisees, who were of the faith, got up and said, It is necessary for these to have circumcision and to keep the law of Moses.
εξανεστησαν δε τινες των απο της αιρεσεως των φαρισαιων πεπιστευκοτες λεγοντες οτι δει περιτεμνειν αυτοις παραγγελλειν τε τηρειν τον νομον μουσεως

- 6 ¶ Apòt yo ak chèf fanmi yo sanble pou egzaminen keksyon an.
And the Apostles and the rulers of the church came together and gave thought to the question.
συνήχθησαν δε οι αποστολοι και οι πρεσβυτεροι ιδειν περι του λογου τουτου
- 7 Lè yo fin diskite kont yo, Pyè kanpe, li di yo: Frè m' yo, nou konnen ki jan, depi lontan, Bondye te chwazi m' nan nou tout pou m' anonse bon nouvèl la bay moun lòt nasyon yo, pou yo menm tou, yo ka tandè l' pou yo rive kwè nan Bondye.
And when there had been much discussion, Peter got up and said to them, My brothers, you have knowledge that some time back it was God's pleasure that by my mouth the good news might be given to the Gentiles so that they might have faith.
πολλης δε συζητησεως γενομενης αναστας πετρος ειπεν προς αυτους ανδρες αδελφοι υμεις επιστασθε οτι αφ ημερων αρχαιων ο θεος εν ημιν εξελεξατο δια του στοματος μου ακουσαι τα εθνη τον λογον του ευαγγελιου και πιστευσαι
- 8 Enben, Bondye ki konnen sa ki nan kè moun, li moutre nou ki jan li menm li asepte yo: li ba yo Sentespri menm jan li te fè l' pou nou an.
And God, the searcher of hearts, was a witness to them, giving them the Holy Spirit even as he did to us;
και ο καρδιογνωστης θεος εμαρτυρησεν αυτοις δους αυτοις το πνευμα το αγιον καθως και ημιν
- 9 Li pa t' fè okenn diferans ant yo menm ak nou menm: nou wè li lave kè yo paske yo te kwè nan li.
Making no division between them and us, but making clean their hearts by faith.
και ουδεν διεκρινεν μεταξυ ημων τε και αυτων τη πιστει καθαρισας τας καρδιας αυτων
- 10 Koulye a, poukisa pou n'ap sèye fè plan ak Bondye konsa, lè nou vle fè disip yo pote yon chay ni zansèt nou ni nou menm nou pa t' ka pote?
Why then are you testing God, by putting on the neck of the disciples a yoke so hard that not even our fathers or we were strong enough for it?
νυν ουν τι πειραζετε τον θεον επιθειναι ζυγον επι τον τραχηλον των μαθητων ον ουτε οι πατερες ημων ουτε ημεις ισχυσαμεν βαστασαι
- 11 Okontrè, nou kwè se yon favè Jezikri fè nou lè l' delivre nou, menm jan li fè l' pou yo tou.
But we have faith that we will get salvation through the grace of the Lord Jesus in the same way as they.
αλλα δια της χαριτος κυριου ιησου χριστου πιστευομεν σωθηναι καθ ον τροπον κακεινοι
- 12 Apre sa, tout moun pe bouch yo, yo t'ap koute Banabas ak Pòl ki t'ap rakonte tout bèl bagay ak tout mirak Bondye te ba yo pouwva fè pou li nan mitan moun lòt nasyon yo.
And all the people were quiet while Barnabas and Paul gave an account of the signs and wonders which God had done among the Gentiles by them.
ειρησεν δε παν το πληθος και ηκουον βαρναβα και παυλου εξηγουμενων οσα εποιησεν ο θεος σημεια και τερατα εν τοις εθνεσιν δι αυτων
- 13 Lè yo fin pale, Jak pran lapawòl, li di: Frè m' yo, koute mwen.
And when they had come to an end, James, answering, said, My brothers, give ear to me:
μετα δε το σιγησαι αυτους απεκριθη ιακωβος λεγων ανδρες αδελφοι ακουσατε μου
- 14 Simon fèk esplikè nou ki jan, depi nan konmansman, Bondye te pran swen moun lòt nasyon yo pou l' te ka chwazi nan mitan yo yon pèp ki pou pote non li.
Symeon has given an account of how God was first pleased to take from among the Gentiles a people for himself.
συμεων εξηγησατο καθως πρωτον ο θεος επισκεψατο λαβειν εξ εθνων λαον επι τω ονοματι αυτου
- 15 Sou pwèn sa a, pawòl pwofèt yo dakò nèl. Men sa ki ekri nan Liv la:
And this is in agreement with the words of the prophets, as it is said,
και τουτω συμφωνουσιν οι λογοι των προφητων καθως γεγραπται
- 16 Apre sa, m'a retounen. Se Bondye k'ap pale. M'a rebati kay David la ki te fin tonbe, m'a repare mazi li yo, m'a kanpe kay li a ankò.
After these things I will come back, and will put up the tent of David which has been broken down, building up again its broken parts and making it complete:
μετα ταυτα αναστρεψω και ανοικοδομησω την σκηνην δαβιδ την πεπτωκυιαν και τα κατεσκαμμενα αυτης ανοικοδομησω και ανορθωσω αυτην
- 17 Konsa, tout lòt moun yo va chache Bondye, ansanm ak tout nasyon mwen chwazi pou pote non mwen.
So that the rest of men may make search for the Lord, and all the Gentiles on whom my name is named,
οπως αν εκζητησωσιν οι καταλοιποι των ανθρωπων τον κυριον και παντα τα εθνη εφ ους επικεκληται το ονομα μου επ αυτους λεγει κυριος ο ποιων ταυτα παντα
- 18 Men sa Bondye di. Se li menm ki fè nou konnen bagay sa yo depi lontan.
Says the Lord, who has made these things clear from the earliest times.
γνωστα απ αιωνος εστιν τω θεω παντα τα εργα αυτου

- 19 Se poutèt sa, mwen menm, Jak, mwen kwè nou pa dwe antrave moun lòt nasyon yo ki vin jwenn Bondye.
For this reason my decision is, that we do not put trouble in the way of those who from among the Gentiles are turned to God;
διο εγω κρινω μη παρενοχλειν τοις απο των εθνων επιστρεφουσιν επι τον θεον
- 20 Men, ann ekri yo, ann mande yo pou yo pa manje vyann bèt yo te ofri pou touye pou zidòl, pou yo egzante tout dezòd lachè, pou yo pa manje ni vyann bèt ki mouri toufe, ni san.
But that we give them orders to keep themselves from things offered to false gods, and from the evil desires of the body, and from the flesh of animals put to death in ways against the law, and from blood.
αλλα επιστειλαι αυτοις του απεχεσθαι απο των αλισγηματων των ειδωλων και της πορνειας και του πνικτου και του αιματος
- 21 Paske, depi lontan lontan, y'ap fè konnen lalwa Moyiz la nan tout lavil yo. Se chak jou repo y'ap li l' pou yo nan sinagòg yo.
For Moses, from times long past, has his preachers in every town, reading his law in the Synagogues every Sabbath.
μοισης γαρ εκ γενεων αρχαιων κατα πολιν τους κηρυσσοντας αυτον εχει εν ταις συναγωγαις κατα παν σαββατον αναγινοσκομενος
- 22 ¶ Lè sa a, apòt yo, chèf fanmi yo ansanm ak tout legliz la deside pou yo chwazi kèk moun pami yo ki pou vwayaje al Antiòch ansanm ak Pòl ak Banabas. Yo chwazi Jid, ki te rele Basabas, ak Silas, de moun frè yo te respekte anpil.
Then it seemed good to the Apostles and the rulers and all the church, to send men from among them to Antioch with Paul and Barnabas; Judas, named Barsabbas, and Silas, chief men among the brothers:
τοτε εδοξεν τοις αποστολοις και τοις πρεσβυτεροις συν ολη τη εκκλησια εκλεξαμενους ανδρας εξ αυτων πεμψαι εις αντιοχειαν συν τω παυλω και βαρναβα ιουδαν τον επικαλουμενον βαρσαβαν και σιλαν ανδρας ηγουμενους εν τοις αδελφοις
- 23 Yo te ba yo lèt sa a pote ale: Apòt yo ak chèf fanmi yo, ki frè nou, voye bonjou pou tout frè nan moun lòt nasyon yo k'ap viv nan lavil Antiòch, nan peyi Siri ak nan peyi Silisi.
And they sent a letter by them, saying, The Apostles and the older brothers, to the brothers who are of the Gentiles in Antioch and Syria and Cilicia, may joy be with you:
γραψαντες δια χειρος αυτων ταδε οι αποστολοι και οι πρεσβυτεροι και οι αδελφοι τοις κατα την αντιοχειαν και συριαν και κιλικιαν αδελφοις τοις εξ εθνων χαιρειν
- 24 Nou te vin konnen te gen moun ki soti bò isit la al lakay nou. Yo pa t' manke boulvèse nou, yo pa t' manke fatigue nou ak pawòl yo t'ap di. Men, nou menm nou pa t' ba yo okenn lòd konsa.
Because we have knowledge that some who went from us have been troubling you with their words, putting your souls in doubt; to whom we gave no such order;
επειδη ηκουσαμεν οτι τινες εξ ημων εξελθοντες εταραξαν υμας λογοις ανασκευαζοντες τας ψυχας υμων λεγοντες περιτεμεσθαι και τηρειν τον νομον οις ου διεστειλαμεθα
- 25 Se poutèt sa, nou tout ki isit la, nou tonbe dakò pou nou chwazi kèk delege n'ap voye bò kote nou. Y'ap vwayaje ansanm ak Pòl ak Banabas, de frè nou renmen anpil,
It seemed good to us, having come to an agreement together, to send these men to you, with our well loved Barnabas and Paul,
εδοξεν ημιν γενομενοις ομοθυμαδον εκλεξαμενους ανδρας πεμψαι προς υμας συν τοις αγαπητοις ημων βαρναβα και παυλω
- 26 ki te riske lavi yo pou non Jezikri, Seyè nou an.
Men who have given up their lives for the name of our Lord Jesus Christ.
ανθρωποις παραδεδωκοσιν τας ψυχας αυτων υπερ του ονοματος του κυριου ημων ιησου χριστου
- 27 Se konsa, nou voye Jid ak Silas ki va ban nou menm mesaj la ak pwòp bouch yo.
And so we have sent Judas and Silas, who will say the same things to you themselves, by word of mouth.
απεσταλκαμεν ουν ιουδαν και σιλαν και αυτους δια λογον απαγγελλοντας τα αυτα
- 28 Pou Sentespri a ak pou nou menm, men sa nou jwenn ki bon pou di nan keksyon sa a: Nou p'ap mete lòt chay sou zepòl nou pase sa n' dwe mete.
For it seemed good to the Holy Spirit and to us, to put on you nothing more than these necessary things;
εδοξεν γαρ τω αγιω πνευματι και ημιν μηδεν πλεον επιτιθεσθαι υμιν βαρος πλην των επαναγκες τουτων
- 29 Pa manje vyann bèt ki te ofri pou zidòl, pa manje san, pa manje vyann bèt ki mouri toufe, egzante tout dezòd lachè. N'a fè byen si nou pa fè bagay sa yo. Bondye ak nou!
To keep from things offered to false gods, and from blood, and from things put to death in ways which are against the law, and from the evil desires of the body; if you keep yourselves from these, you will do well. May you be happy.
απεχεσθαι ειδωλοθυτων και αιματος και πνικτου και πορνειας εξ ων διατηρουντες εαυτους ευ πραξετε ερρωσθη
- 30 Apre sa, moun legliz Jerizalèm yo kite delege yo ale. Delege yo pati pou Antiòch. Lè yo rive, yo sanble tout moun ki te kwè yo, yo renmèt yo lèt la.
So they, being sent away, came down to Antioch, and having got the people together, they gave them the letter.
οι μεν ουν απολυθεντες ηλθον εις αντιοχειαν και συναγαγοντες το πληθος επεδωκαν την επιστολην
- 31 Lè yo fin li lèt la pou yo, tout moun te kontan pou bèl ankourajman lèt la te pote ba yo.
And after reading it, they were glad of its comfort.
αναγοντες δε εχαρησαν επι τη παρακλησει

- 32 Jid ak Silas te de pwofèt. Yo pale lontan avèk frè yo, yo ba yo kont ankourajman ak fòs.
And Judas and Silas, who themselves were prophets, gave teaching to the brothers and made them strong in the faith.
 ιουδας τε και σιλας και αυτοι προφηται οντες δια λογου πολλου παρεκαλεσαν τους αδελφους και επεστηριξαν
- 33 Yo pase kèk tan nan lavil Antiòch. Apre sa, frè yo swate yo bòn vwayaj ak kè poze. Yo menm, yo tounen ale jwenn moun ki te voye yo.
And when they had been there for some time, they were sent back in peace by the brothers to those who had sent them.
 ποιησαντες δε χρονον απελυθησαν μετ ειρηνης απο των αδελφων προς τους αποστολους
- 34 Men, Silas te pran desizyon pou l' te rete.
 []
 εδοξεν δε τω σιλα επιμειναι αυτου
- 35 Pòl ak Banabas pase kèk tan nan Antiòch. Ansanm ak anpil lòt frè, yo t'ap moutre moun yo anpil bagay, yo t'ap fè yo konnen pawòl Seyè a.
But Paul and Barnabas kept on in Antioch, teaching and preaching the word of God, with a number of others.
 παυλος δε και βαρναβας διετριβον εν αντιοχεια διδασκοντες και ευαγγελιζομενοι μετα και ετερων πολλων τον λογον του κυριου
- 36 ¶ Kèk tan apre, Pòl di Banabas konsa: Ann al vizite frè yo ki nan tout lavil kote nou te anonse Pawòl Seyè a. Ann al wè ki jan yo ye.
And after some days, Paul said to Barnabas, Let us go back and see the brothers in every town where we have given the word of God, and see how they are.
 μετα δε τινας ημερας ειπεν παυλος προς βαρναβαν επιστρεψαντες δη επισκεψομεθα τους αδελφους ημων κατα πασαν πολιν εν αις καταγγειλαμεν τον λογον του κυριου πως εχουσιν
- 37 Banabas te vle mennen Jan ki te gen ti non Mak la avèk yo.
And Barnabas had a desire to take with them John, named Mark.
 βαρναβας δε εβουλευσατο συμπαραλαβειν τον ιωαννην τον καλουμενον μαρκον
- 38 Men, Pòl pa t' kwè se te yon bon lide pou yo te mennen l', paske, dènye fwa a, li te pati kite yo nan Panfili, li pa t' rete nèt ak yo jouk vwayaj la te fini.
But Paul was of the opinion that it was not right to take with them one who had gone away from them in Pamphylia, and had not gone on with the work.
 παυλος δε ηξιου τον αποσταντα απ αυτων απο παμφυλιας και μη συνελθοντα αυτοις εις το εργον μη συμπαραλαβειν τουτον
- 39 Lè sa a, yon diskisyon byen cho leve ant Pòl ak Banabas, tèlman yo separe yonn ak lòt. Banabas pran Mak avèk li, yo pran yon batiman, y' ale lil Chip.
And there was a sharp argument between them, so that they were parted from one another, and Barnabas took Mark with him and went by ship to Cyprus;
 εγενετο ουν παροξυσμος ωστε αποχωρισθηναι αυτους απ αλληλων τον τε βαρναβαν παραλαβοντα τον μαρκον εκπλευσαι εις κυπρον
- 40 Pòl menm chwazi Silas. Apre frè yo fin renmèt li nan men Bondye k'ap ba l' favè l', li pati.
But Paul took Silas and went away with the blessing of the brothers.
 παυλος δε επιλεξαμενος σιλαν εξηλθεν παραδοθεις τη χαριτι του θεου υπο των αδελφων
- 41 Li pase nan peyi Siri ak peyi Silisi; sou tout wout la li t'ap fòtifye legliz yo nan konfyans yo nan Bondye.
And he went through Syria and Cilicia, making the churches stronger in the faith.
 διηρχετο δε την συριαν και κυλικιαν επιστηριζων τας εκκλησιας
- 1 ¶ Apre sa, Pòl ale lavil Dèb epi l' rive lavil List. Nan List te gen yon disip yo rele Timote. Manman l' te yon jwif ki te kwè nan Jezi tou, men papa l' te yon moun peyi Lagrès.
And he came to Derbe and Lystra: and there was a certain disciple there named Timothy, whose mother was one of the Jews of the faith, but his father was a Greek;
 κατακτησεν δε εις δερβην και λυστραν και ιδου μαθητης τις ην εκει ονοματι τιμοθεος υιος γυναικος τινος ιουδαιας πιστης πατρος δε ελληνος
- 2 Frè ki t'ap viv nan List ak Ikonidòm yo te bay bon rapò pou Timote.
Of whom the brothers at Lystra and Iconium had a high opinion.
 ος εμαρτυρειτο υπο των εν λυστροις και ικονιω αδελφων
- 3 Pòl te vle mennen l' avèk li. Li pran l', li sikonsi l' paske tout jwif ki te nan peyi a te konnen papa Timote te grèk.
Paul had a desire for him to go with him, and he gave him circumcision because of the Jews who were in those parts: for they all had knowledge that his father was a Greek.
 τουτον ηθελησεν ο παυλος συν αυτω εξελθειν και λαβων περιετεμεν αυτον δια τους ιουδαιους τους οντας εν τοις τοποις εκεινοις ηδειςαν γαρ απαντες τον πατερα αυτου οτι ελλην υπηρχεν
- 4 Nan tout lavil kote yo pase yo te mete disip yo an konesans desizyon apòt yo ak ansyen yo te pran lavil Jerizalèm, yo t'ap mande yo pou yo te soumèt devan desizyon an.
And on their way through the towns, they gave them the rules which had been made by the Apostles and the rulers of the church at Jerusalem, so that they might keep them.
 ως δε διεπορευοντο τας πολεις παρεδιδουν αυτοις φυλασσειν τα δογματα τα κεκριμενα υπο των αποστολων και των πρεσβυτερων των εν ιερουσαλημ

- 5 Tout legliz yo t'ap vin pi fèm nan lafwa, chak jou yo t'ap gen plis moun toujou.
So the churches were made strong in the faith and were increased in number every day.
αι μεν ουν εκκλησιαι εστερευοντο τη πιστει και επερισσευον τω αριθμω καθ ημεραν
- 6 ¶ Sentespri pa t' kite Pòl ak Timote al anonse pawòl Bondye a nan pwovens Lazi a. Se sak fè yo te pase nan zòn Friji ak zòn Galasi san rete.
And after they had gone through the land of Phrygia and Galatia, the Holy Spirit did not let them take the word into Asia;
διελθοντες δε την φρυγιαν και την γαλατικην χωραν κολουθεντες υπο του αγιου πνευματος λαλησαι τον λογον εν τη ασια
- 7 Lè yo rive toupren lavil Mizi, yo te vle ale Bitini, men Lespri Jezi a pa t' pèmèt yo fè sa.
And having come to Mysia, they made an attempt to go into Bithynia, but the Spirit of Jesus did not let them;
ελθοντες κατα την μυσιαν επειραζον κατα την βιθυνιαν πορευεσθαι και ουκ ειασεν αυτους το πνευμα
- 8 Yo pase nan Mizi san rete, yo desann lavil Troas.
And going past Mysia, they came down to Troas.
παρελθοντες δε την μυσιαν κατεβησαν εις τρωαδα
- 9 Nan mitan lannwit, Pòl fè yon vizyon: li wè yon nonm ki te soti peyi Masedwan kanpe devan l' ki t'ap di li: Tanpri, vin nan peyi Masedwan, vin pote nou sekou.
And Paul had a vision in the night; a man of Macedonia came, requesting him, and saying, Come over into Macedonia and give us help.
και οραμα δια της νυκτος ωφθη τω παυλω ανηρ τις ην μακεδων εστως παρακαλων αυτον και λεγων διαβας εις μακεδονιαν βοηθησον ημιν
- 10 Apre Pòl te fè vizyon sa a, lamenn nou chache pou n' ale peyi Masedwan. Nou te sèten se Bondye menm ki te rele nou pou n' te al pote bon nouvèl la bay moun ki nan peyi sa a.
And when he had seen the vision, straight away we made the decision to go into Macedonia, for it seemed certain to us that God had sent us to give the good news to them.
ως δε το οραμα ειδεν ευθεως εξητησαμεν εξελθειν εις την μακεδονιαν συμβιβαζοντες οτι προσκεκληται ημας ο κυριος ευαγγελισασθαι αυτους
- 11 Nou pran batiman lavil Troas, nou fè vwal tou dwat pou lil Samotras. Apre yon jou, nou rive lavil Neapolis.
So, from Troas we went straight by ship to Samothrace and the day after to Neapolis;
αναχθεντες ουν απο της τρωαδος ευθυδρομησαμεν εις σαμοθρακην τη τε επιουση εις νεαπολιν
- 12 Antan nou la, n' al lavil Filip, premye lavil nan distrik Masedwan lan: Se te yonn nan koloni sou zòd lavil Wòm yo. Nou pase plizyè jou nan lavil sa a.
And from there to Philippi, which is the most important town of Macedonia and a Roman colony: and we were there for some days.
εκειθεν τε εις φιλιππους ητις εστιν πρωτη της μεριδος της μακεδονιας πολις κολωνια ημεν δε εν ταυτη τη πολει διατριβοντες ημερας τινας
- 13 Jou repo a, nou soti, n' al lòt bò pòtay lavil la bò larivyè a. Nou t'ap chache kote jwif yo te konn lapriyè a. Nou chita, nou t'ap pale ak fanm ki te sanble la yo.
And on the Sabbath we went outside the town, by the river, where we had an idea that there would be a place of prayer; and, being seated, we had talk with the women who had come together.
τη τε ημερα των σαββατων εξηλθομεν εξω της πολεως παρα ποταμον ου ενομιζετο προσευχη ειναι και καθισαντες ελαλουμεν ταις συνελθουσαις γυναιξιν
- 14 Yonn ladan yo te rele Lidi. Se te moun lavil Tiyati, yon machann bèl twal koulè wouj yo vann byen chè a. Li te konvèti nan relijyon jwif yo. Li t'ap koute nou. Seyè a louvri lespri l' pou l' te swiv tou sa Pòl t'ap di.
And a certain woman named Lydia, a trader in purple cloth of the town of Thyatira, and a God-fearing woman, gave ear to us: whose heart the Lord made open to give attention to the things which Paul was saying.
και τις γυνη ονοματι λυδια πορφυροπωλις πολεως θυατειρων σεβομενη τον θεον ηκουεν ης ο κυριος διηνοιζεν την καρδιαν προσεχειν τοις λαλουμενοις υπο του παυλου
- 15 Li resevwa batèm, li menm ansanm ak tout fanmi li. Apre sa, li envite nou vin lakay li. Li di nou: Se pou n' vini, se pou n' fè ladesant lakay mwen, si nou kwè mwen mete konfyans mwen tout bon nan Seyè a. Se konsa li fòse nou rete lakay li.
And when she and her family had had baptism, she made a request to us, saying, If it seems to you that I am true to the Lord, come into my house and be my guests. And she made us come.
ως δε εβαπτισθη και ο οικος αυτης παρεκαλεσεν λεγουσα εις κερικατε με πιστην τω κυριω ειναι εισελθοντες εις τον οικον μου μεινατε και παρεβιασατο ημας
- 16 ¶ Yon jou nou tapral kote yo konn lapriyè a, nou kontre ak yon tifi. Se te yon sèvan, li te gen yon move lespri sou li ki te fè l' konn pase kat pou moun. Lè konsa tifi a te fè mèl li yo fè anpil lajan.
And when we were going to the place of prayer, we came across a girl with a spirit which gave knowledge of the future, whose masters made great profit from her power.
εγενετο δε πορευομενων ημων εις προσευχην παιδιασκη τινα εχουσαν πνευμα τυθωνος απαντησαι ημιν ητις εργασιαν πολλην παρειχεν τοις κυριοις αυτης μαντευομενη
- 17 Li tanmen swiv Pòl ak nou, li t'ap rele byen fò: Mesye sa yo se sèvitè Bondye ki anwo nan syèl la. Y'ap fè nou konnen chemen pou n' pran pou n' ka jwenn delivrans.
She came after Paul and us, crying out and saying, These men are the servants of the Most High God, who are giving you news of the way of salvation.
αυτη κατακολουθησασα τω παυλω και ημιν εκραζεν λεγουσα ουτοι οι ανθρωποι δουλοι του θεου του υψιστου εισιν οιτινες καταγγελλουσιν ημιν οδον σωτηριας

- 18 Li t'ap fè sa pandan plizyè jou. Pòl menm te bouke ak fi a. Li vire, li di lespri a: Nan non Jezikri, mwen ba ou lòd, soti sou fi a. Menm lè a, lespri a soti sou li.
And this she did on a number of days. But Paul was greatly troubled and, turning, said to the spirit, I give you orders in the name of Jesus Christ, to come out of her. And it came out that very hour.
 τουτο δε εποιει επι πολλας ημερας διαπονηθεις δε ο παυλος και επιστρεψας τω πνευματι ειπεν παραγγελλω σοι εν τω ονοματι ιησου χριστου εξελθειν απ αυτης και εξηλθεν αυτη τη ωρα
- 19 Lè mèt sèvan lan wè yo te pèdi tout espwa fè lajan ak tifi a, yo mete men sou Pòl ak Silas, yo trennen yo sou plas piblik la devan otorite yo.
But when her masters saw that their hope of profit was gone, they took Paul and Silas, pulling them into the market-place before the rulers;
 ιδοντες δε οι κυριοι αυτης οτι εξηλθεν η ελπις της εργασις αυτων επιλαβομενοι τον παυλον και τον σιλαν ειλικυσαν εις την αγοραν επι τους αρχοντας
- 20 Yo mennen yo devan chèf lavil Wòm yo, epi yo di: Mesye sa yo ap fè dezòd nan lavil nou an. Se jwif yo ye.
And when they had taken them before the authorities, they said, These men, who are Jews, are greatly troubling our town;
 και προσαγαγοντες αυτους τοις στρατηγοις ειπον ουτοι οι ανθρωποι εκταρασσουν ημων την πολιν ιουδαιοι υπαρχοντας
- 21 Y'ap plede moutre moun yo yon bann bagay lalwa nou an pa pèmèt. Nou menm, se moun lavil Wòm nou ye, nou pa ka asepte fè bagay sa yo.
Teaching rules of living which it is not right for us to have or to keep, being Romans.
 και καταγγελλουσιν εθι α ουκ εξεστιν ημιν παραδεχσθαι ουδε ποιειν ρωμαιοις ουσιν
- 22 Foul moun yo te moute kont yo tou. Chèf women yo fè rache rad ki te sou Pòl ak Silas, epi yo bay lòd pou bat yo ak fwèt.
And the people made an attack on them all together: and the authorities took their clothing off them, and gave orders for them to be whipped.
 και συνεπεστη ο οχλος κατ αυτων και οι στρατηγοι περιρρηξαντες αυτων τα ιματια εκελευον ραβδιζειν
- 23 Apre yo fin bat yo byen bat, yo mete yo nan prizon. Yo bay chèf prizon an lòd pou veye mesye yo byen.
And when they had given them a great number of blows, they put them in prison, giving orders to the keeper of the prison to keep them safely:
 πολλας τε επιθεντες αυτοις πληγας εβαλον εις φυλακην παραγγειλαντες τω δεσμοφυλακι ασφαλως τηρειν αυτους
- 24 Lè l' resewva lòd sa a, chèf prizon an mete yo nan kacho ki jouk nan fon prizon an. Epi l' mete pye yo nan sèp.
And he, having such orders, put them into the inner prison with chains on their feet.
 ος παραγγελιαν τοιαυτην ειληφως εβαλεν αυτους εις την εσωτεραν φυλακην και τους ποδας αυτων ησφαλισατο εις το ξυλον
- 25 ¶ Vè menwi konsa, Pòl ak Silas t'ap lapriyè, yo t'ap chante fè lwanj pou Bondye. Lòt prizonye yo menm t'ap koute.
But about the middle of the night, Paul and Silas were making prayers and songs to God in the hearing of the prisoners;
 κατα δε το μεσονυκτιον παυλος και σιλας προσευχομενοι υμνου τον θεον επηκροωντο δε αυτων οι δεσμοιοι
- 26 Epi, yo rete konsa, tè a pran tranble byen fò, li souke prizon an jouk nan fondasyon li. Menm lè a, tout pòt prizon yo louvri, chenn tout prizonye yo kase.
And suddenly there was an earth-shock, so that the base of the prison was moved: and all the doors came open, and everyone's chains came off.
 αφνω δε σεισμος εγενετο μεγας ωστε σαλευθηναι τα θεμελια του δεσμοτηριου ανεωχθησαν τε παραχηρμα αι θυραι πασαι και παντων τα δεσμα ανεθη
- 27 Chèf prizon an leve. Lè l' wè tout pòt prizon yo louvri, li rale nepe l', li tapral touye tèt li paske li te kwè prizonye yo te sove.
And the keeper, coming out of his sleep, and seeing the prison doors open, took his sword and was about to put himself to death, fearing that the prisoners had got away.
 εξυπνος δε γενομενος ο δεσμοφυλαξ και ιδων ανεωγμενας τας θυρας της φυλακης σπασαμενος μαχηραν εμελλεν εαυτον αναιρειν νομιζων εκπεφευγεναι τους δεσμοιους
- 28 Men, Pòl kriye byen fò: Pa fè tèt ou mal. Nou tout la.
But Paul said in a loud voice, Do yourself no damage, for we are all here.
 εφωνησεν δε φωνη μεγαλη ο παυλος λεγων μηδεν πραξης σεαυτω κακον απαντες γαρ εσμεν ενθαδε
- 29 Lè chèf prizon tande sa, li mande yon chandèl, li kouri nan kacho a. Li lage kò l' atè nan pye Pòl ak Silas. Li t'ap tranble kou yon fèy bwa tèlman li te pè.
And he sent for lights and came rushing in and, shaking with fear, went down on his face before Paul and Silas,
 αιτησας δε φωτα εισεπηδησεν και εντρομος γενομενος προσεπεσεν τω παυλω και τω σιλα
- 30 Apre sa, li fè yo soti, li mande yo: Mesye, kisa m' dwe fè pou m' delivre?
And took them out and said, Sirs, what have I to do to get salvation?
 και προαγαγων αυτους εξω εφη κυριοι τι με δει ποιειν ινα σωθω
- 31 Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wava delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou.
And they said, Have faith in the Lord Jesus, and you and your family will have salvation.
 οι δε ειπον πιστευσον επι τον κυριον ιησουν χριστον και σωθησι συ και ο οικος σου

- 32 Epi yo fè l' konnen pawòl Seyè a, limenm ansanm ak tout moun ki te lakay li.
 And they gave the word of the Lord to him and to all who were in his house.
 και ελαλησαν αυτω τον λογον του κυριου και πασιν τοις εν τη οικια αυτου
- 33 Menm lè a, nan mitan lannwit lan, li pran yo, li mete renmèd sou tout kote yo te blese. Lèfini, Pòl ak Silas batize l' ansanm ak tout fanmi li.
 And that same hour of the night, he took them, and when he had given attention to their wounds, he and all his family had baptism straight away.
 και παραλαβων αυτους εν εκεινη τη ωρα της νυκτος ελουσεν απο των πληγων και εβαπτισθη αυτος και οι αυτου παντες παραχρημα
- 34 Chèf prizon an fè yo moute lakay li, li ba yo manje. Nonm lan te kontan anpil ansanm ak tout fanmi l' paske koulye a yo te kwè nan Bondye.
 And he took them into his house and gave them food, and he was full of joy, having faith in God with all his family.
 αναγαγων τε αυτους εις τον οικον αυτου παρεθηκεν τραπεζαν και ηγαλλιασατο πανοικι πεπιστευκως τω θεω
- 35 ¶ Lè solèy fin leve, chèf moun lavil Wòm yo voye gad di chèf prizon an: Lage mesye yo.
 But when it was day, the authorities sent the police, saying, Let these men go.
 ημερας δε γενομενης απεστειλαν οι στρατηγοι τους ραβδουχους λεγοντες απολυσον τους ανθρωπους εκεινους
- 36 Chèf prizon an ale di Pòl: Chèf yo voye di pou yo lage nou. Nou mèt soti koulye a. Ale ak kè poze.
 And the keeper said to Paul, The authorities have given orders to let you go: come out now, and go in peace.
 απηγγειλεν δε ο δεσμοφυλαξ τους λογους τουτους προς τον παυλον οτι απεσταλκασιν οι στρατηγοι ινα απολυθητε νυν ουν εξελθοντες πορευεσθε εν ειρηνη
- 37 Men, Pòl di gad yo konsa: Gade non! Se sitwayen lavil Wòm nou ye wi. Yo bat nou devan tout moun san yo pa jije nou jan yo te dwe fè l' la. Apre sa, yo mete nou nan prizon. Koulye a yo vle lage nou an kachèt. Non, nou pa nan sa. Se chèf moun lavil Wòm yo menm ki pou vin mete nou deyò.
 But Paul said to them, They have given us who are Romans a public whipping without judging us, and have put us in prison. Will they now send us out secretly? no, truly, let them come themselves and take us out.
 ο δε παυλος εφη προς αυτους δειραντες ημας δημοσια ακατακριτους ανθρωπους ρωμαιους υπαρχοντας εβαλον εις φυλακην και νυν λαθρα ημας εκβαλλουσιν ου γαρ αλλα ελθοντες αυτοι ημας εξαγαγε τωσαν
- 38 Gad yo al rapòte pawòl sa yo bay chèf yo. Lè chèf yo tande se sitwayen lavil Wòm mesye yo te ye, yo soti pè.
 And the police gave an account of these words to the authorities, and they were full of fear on hearing that they were Romans;
 ανηγγειλαν δε τοις στρατηγοις οι ραβδουχοι τα ρηματα ταυτα και εφοβηθησαν ακουσαντες οτι ρωμαιοι εισιν
- 39 Yo vin eskize yo bò kote apòt yo, yo lage yo. Lèfini yo mande yo pou kite lavil la.
 Then they came and made prayers to them, requesting them, when they had taken them out, to go away from the town.
 και ελθοντες παρεκαλεσαν αυτους και εξαγαγοντες ηρωτων εξελθειν της πολεως
- 40 Lè apòt yo soti nan prizon an, yo antre lakay Lidi. Yo wè frè yo, yo ba yo kèk pawòl ankourajman, epi yo pati, y' ale.
 And they came out of the prison and went to the house of Lydia: and when they had seen the brothers they gave them comfort and went away.
 εξελθοντες δε εκ της φυλακης εισηλθον εις την λυδιαν και ιδοντες τους αδελφους παρεκαλεσαν αυτους και εξηλθον
- 1 ¶ Yo pase lavil Anfipolis ak lavil Apoloni, yo rive lavil Tesalonik kote jwif yo te gen yon sinagòg.
 Now when they had gone through Amphipolis and Apollonia they came to Thessalonica, where there was a Synagogue of the Jews:
 διοδουσιν δε την αμφιπολι και απολλωνιαν ηλθον εις θεσσαλονικην οπου ην η συναγωγη των ιουδαιων
- 2 Jan l' te konn fè a, Pòl antre nan sinagòg la. Pandan twa jou repo li diskite ak jwif yo sou sak te ekri nan Liv yo.
 And Paul, as he generally did, went in to them, and on three Sabbath days had discussions with them from the holy Writings,
 κατα δε το ειωθος τω παυλω εισηλθεν προς αυτους και επι σαββατα τρια διελεγετο αυτοις απο των γραφων
- 3 Li t'ap ba yo esplikasyon, li t'ap moutre yo ki jan, dapre sa ki te ekri a, Kris la te gen pou l' soufri, li te gen pou l' te leve soti vivan nan lanmò. Li t'ap di yo: Jezi m'ap fè nou konnen an, se li menm ki Kris la.
 Saying to them clearly and openly that Christ had to be put to death and come back to life again; and that this Jesus, whom, he said, I am preaching to you, is the Christ.
 διανοιγων και παρατιθεμενος οτι τον χριστον εδει παθειν και αναστηναι εκ νεκρων και οτι ουτος εστιν ο χριστος ιησους ον εγω καταγγελλω υμιν
- 4 Te genyen nan jwif yo ki te kwè, yo pran mache ansanm ak Pòl ak Silas. Se konsa yon bann moun peyi Lagrès ki te konvèti nan relijyon jwif yo ansanm ak anpil gran medam te kwè tou.
 And some of them had faith, and were joined to Paul and Silas; and a number of the God-fearing Greeks, and some of the chief women.
 και τινες εξ αυτων επεισθησαν και προσεκληρωθησαν τω παυλω και τω σιλα των τε σεβομενων ελληνων πολυ πληθος γυναικων τε των πρωτων ουκ ολιγαι

- 5 Men, jwif yo t'ap fè jalouzi anpil. Yo pran kèk vakabon yo jwenn nan lari a ak yo, yo sanble yon foul moun, yo mache fè dezòd nan tout lavil la.
But the Jews, being moved with envy, took with them certain low persons from among the common people, and getting together a great number of people, made an outcry in the town, attacking the house of Jason with the purpose of taking them out to the people.
ζηλωσαντες δε οι απειθουντες ιουδαιοι και προσλαβομενοι των αγοραιων τινας ανδρας πονηρους και οχλοποιησαντες εθορυβουν την πολιν επισταντες τε τη οικια ιασονος εξητουν αυτους αγαγειν εις τον δημον
- 6 Yo rive devan kay Jazon, yo antre al chache Pòl ak Silas pou mennen yo devan pèp la. Lè yo pa jwenn yo, yo trennen Jazon ansanm ak kèk frè devan chèf yo ki nan lavil la. Yo pran pale byen fò, yo t'ap di: Mesye sa yo ap mache fè dezòd toupatou. Men, koulye a yo rive jouk isit la.
And when they were not able to get them, they took Jason and some of the brothers by force before the rulers of the town, crying, These men, who have made trouble all over the world have now come here;
μη ευροντες δε αυτους εσυρον τον ιασονα και τινας αδελφους επι τους πολιταρχας βοωντες οτι οι την οικουμενην αναστατωσαντες ουτοι και ενθαδε παρεισιν
- 7 Jazon menm resewva mesye yo lakay li. Mesye sa yo ap aji kont lalwa Seza: y'ap di gen yon lòt wa yo rele Jezi.
Whom Jason has taken into his house: and they are acting against the orders of Caesar, saying that there is another king, Jesus.
ους υποδεδεκται ιασων και ουτοι παντες απεναντι των δογματων καισαρος πραττουσιν βασιλεια λεγοντες ετερον ειναι ιησουν
- 8 Jwif yo te mete foul moun yo ansanm ak chèf yo ankòlè anpil avèk pawòl sa a.
And hearing these things the people and the rulers of the town were troubled.
εταραξαν δε τον οχλον και τους πολιταρχας ακουοντας ταυτα
- 9 Jazon ak lòt frè yo te blije fè yon depo lajan pou chèf yo te ka lage yo.
And having made Jason and the others give an undertaking to keep the peace, they let them go.
και λαβοντες το ικανον παρα του ιασονος και των λοιπων απελυσαν αυτους
- 10 ¶ Lè solèy fin kouche, frè yo fè Pòl ak Silas pati pou lavil Bere. Lè yo rive la, y' al nan sinagòg jwif yo.
And the brothers straight away sent Paul and Silas away by night to Beroea: and they, when they came there, went to the Synagogue of the Jews.
οι δε αδελφοι ευθεως δια της νυκτος εξεπεμψαν τον τε παυλον και τον σιλαν εις βεροιαν οιτινες παραγενομενοι εις την συναγωγην των ιουδαιων απησαν
- 11 Jwif Bere yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik yo: yo te resewva pawòl la byen vit san traka. Chak jou yo t'ap egzaminen sa ki te ekri nan Liv la pou wè si sa Pòl t'ap di yo a se vre.
Now these were more noble than the Jews of Thessalonica, for they gave serious attention to the word, searching in the holy Writings every day, to see if these things were so.
ουτοι δε ησαν ευγενεστεροι των εν θεσσαλονικη οιτινες εδεξαντο τον λογον μετα πασης προθυμιας το καθ ημεραν ανακρινοντες τας γραφας ει εχει ταυτα ουτως
- 12 Anpil ladan yo te kwè. Konsa, anpil gran medam ak anpil gason nan moun peyi Lagrès yo te kwè.
And a number of them had faith, and no small number of the Greek women of high position and of the men.
πολλοι μεν ουν εξ αυτων επιστευσαν και των ελληνιδων γυναικων των ευσημωνων και ανδρων ουκ ολιγοι
- 13 Men, lè jwif Tesalonik yo vin konnen Pòl t'ap fè konnen pawòl Bondye a nan Bere tou, yo pati pou Bere. Lè yo rive, yo kòmanse fè dezòd, yo t'ap moute tèt foul moun yo.
But when the Jews of Thessalonica had news that Paul was preaching the word at Beroea, they came there, troubling the people and working them up.
ως δε εγνωσαν οι απο της θεσσαλονικης ιουδαιοι οτι και εν τη βεροια κατηγγελη υπο του παυλου ο λογος του θεου ηλθον κακει σαλευοντες τους οχλους
- 14 Lè frè yo wè sa, yo fè Pòl pati ale jouk bò lanmè a. Men, Silas ak Timote te rete Bere.
So the brothers sent Paul straight away to the sea: but Silas and Timothy kept there still.
ευθεως δε τοτε τον παυλον εξαπεστειλαν οι αδελφοι πορευεσθαι ως επι την θαλασσαν υπεμενον δε ο τε σιλας και ο τιμοθεος εκει
- 15 Moun ki t'ap kondi Pòl yo mennen l' jouk lavil Atèn. Apre sa, yo tounen Bere. Pòl menm te voye lòd bay Silas ak Timote pou yo te vin jwenn li touswit.
But those who went with Paul took him as far as Athens, and then went away, with orders from him to Silas and Timothy to come to him quickly.
οι δε καθιστωντες τον παυλον ηγαγον αυτον εως αθηνων και λαβοντες εντολην προς τον σιλαν και τιμοθεον ινα ως ταχιστα ελθωσιν προς αυτον εξησαν
- 16 ¶ Antan Pòl t'ap tann Silas ak Timote lavil Atèn, sa te nwi lespri l' anpil lè l' wè ki jan lavil la te plen zidòl.
Now while Paul was waiting for them at Athens, his spirit was troubled, for he saw all the town full of images of the gods.
εν δε ταις αθηναις εκδεχομενου αυτους του παυλου παρωξυνετο το πνευμα αυτου εν αυτω θεωρουντι κατειδωλον ουσαν την πολιν
- 17 Li t'ap diskite nan sinagòg la avèk jwif yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ki te konvèti nan relijyon jwif yo. Apre sa, chak jou li t'ap diskite tou sou plas piblik la avèk tout moun li te kontre la.
So he had discussions in the Synagogue with the Jews and God-fearing Gentiles, and every day in the market-place with those who were there.
διελεγετο μεν ουν εν τη συναγωγη τοις ιουδαιοις και τοις σεβομενοις και εν τη αγορα κατα πασαν ημεραν προς τους παρατυγγανοντας

- 18 Kèk filozòf ki t'ap swiv prensip patizan Epiki yo ak patizan Zenon yo t'ap pale avèk li. Gen ladan yo ki t'ap di: Kisa paladò sa a vle di la a? Gen lòt moun ki t'ap di: Gen lè l'ap pale sou yon lòt kalite bondye. Yo t'ap di sa paske Pòl t'ap pale yo sou Jezi, li t'ap di yo ki jan mò yo gen pou yo leve vivan ankò.
 And some of those who were supporters of the theories of the Epicureans and the Stoics, had a meeting with him. And some said, What is this talker of foolish words saying? And others, He seems to be a preacher of strange gods: because he was preaching of Jesus and his coming back from the dead.
 τινες δε των επικουρειων και των στωικων φιλοσοφων συνεβαλλον αυτω και τινες ελεγον τι αν θελοι ο σπερμολογος ουτος λεγειν οι δε ξενων δαιμονιων δοκει καταγγελους ειναι οτι τον ιησουν και τη ν αναστασιν αυτοις ευηγγελιζετο
- 19 Lè sa a, yo pran l', yo mennen l' nan Aewopaj la. Epi yo di li: Nou ta renmen konnen tout bagay nèf sa yo w'ap montre moun yo la a.
 And they took him to Mars' Hill, saying, Will you make clear to us what is this new teaching of yours?
 επιλαβομενοι τε αυτου επι τον αρειον παγον ηγαγον λεγοντες δυναμεθα ουν γνωναι τις η καινη αυτη η υπο σου λαλουμενη διδαχη
- 20 W'ap di yon bann bagay dwòl nan zòrèy nou. Nou ta renmen konnen sa yo vle di.
 For you seem to us to say strange things, and we have a desire to get the sense of them.
 ξενιζοντα γαρ τινα εισφερεις εις τας ακοας ημων βουλομεθα ουν γνωναι τι αν θελοι ταυτα ειναι
- 21 (Se te abitud tout moun lavil Atèn ak tout moun lòt nasyon ki rete nan lavil la, pou yo pase tout tan yo ap pale osinon ap koute tout kalite pawòl ki fèk parèt.)
 (Now all the Athenians and the men from other lands who come there were giving all their time to talking or hearing of anything new.)
 αθηναιοι δε παντες και οι επιδημουντες ξενοι εις ουδεν ετερον ευκαιρουν η λεγειν τι και ακουειν καινότερον
- 22 ¶ Lè sa a, Pòl kanpe nan mitan Aewopaj la, li di: Nou menm moun Atèn, mwen wè nou se moun ki renmen relijyon anpil.
 And Paul got to his feet on Mars' Hill and said, O men of Athens, I see that you are overmuch given to fear of the gods.
 σταθεις δε ο παυλος εν μεσω του αρειου παγου εφη ανδρες αθηναιοι κατα παντα ως δεισιδαιμονεστερους υμας θεωρω
- 23 Mwen di nou sa, paske, antan m'ap pwonmennen nan lavil nou an, mwen wè tout kote nou fè sèvis. Epi nan gade konsa, mwen jwenn yon lotèl kote yo ekri: Pou Bondye nou pa konnen an. Enben, Bondye n'ap sèvi san nou pa konnen l' lan, se li menm m'ap fè nou konnen la a.
 For when I came by, I was looking at the things to which you give worship, and I saw an altar with this writing on it, TO THE GOD OF WHOM THERE IS NO KNOWLEDGE. Now, what you, without knowledge, give worship to, I make clear to you.
 διερχομενος γαρ και αναθεωρων τα σεβασματα υμων ευρον και βωμον εν ω επεγεγραπτο αγνωστω θεω ον ουν αγνοουντες ευσεβειτε τουτον εγω καταγγελλω υμιν
- 24 Bondye ki fè lemondan antye ak tou sa ki ladan l', se li menm ki Mèt syèl la ak tè a. Li pa rete nan kay moun bati ak men yo.
 The God who made the earth and everything in it, he, being Lord of heaven and earth, is not housed in buildings made with hands;
 ο θεος ο ποιησας τον κοσμον και παντα τα εν αυτω ουτος ουρανου και γης κυριος υπαρχων ουκ εν χειροποιητοις ναιοις κατοικει
- 25 Li pa bezwen pou moun travay ba l' anyen non plis, paske se li menm ki bay moun lavi, ki fè yo respire, ki ba yo tout lòt bagay.
 And he is not dependent on the work of men's hands, as if he had need of anything, for he himself gives to all life and breath and all things;
 ουδε υπο χειρων ανθρωπων θεραπευεται προσδεομενος τινος αυτος διδους πασιν ζωην και πνοην κατα παντα
- 26 Se li menm tou ki kreye tout nasyon ki rete toupatou sou latè. Li fè yo tout soti nan yon sèl moun. Li te fikse davans tan ki pou yo chak, ak limit kote pou yo chak rete.
 And he has made of one blood all the nations of men living on all the face of the earth, ordering their times and the limits of their lands,
 εποιησεν τε εξ ενος αιματος παν εθνους ανθρωπων κατοικειν επι παν το προσωπον της γης ορισας προτεταγμενους καιρους και τας οροθεσιας της κατοικιας αυτων
- 27 Li fè tou sa pou yo ka chache l', pou yo ta ka rive jwenn li lè yo seye pran kontak avèk li. Men, Bondye pa pi lwen okenn nan nou pase sa.
 So that they might make search for God, in order, if possible, to get knowledge of him and make discovery of him, though he is not far from every one of us:
 ζητειν τον κυριον ει αρα γε ψηλαφησειαν αυτον και ευροιεν καιτοιγε ου μακραν απο ενος εκαστου ημων υπαρχοντα
- 28 Paske, se nan li nou gen lavi, se nan li nou ka bay kò nou mouvman, se nan li nou gen legzistans. Gen nan poèt nou yo ki te di menm bagay la: Nou menm tou, nou se pitit li.
 For in him we have life and motion and existence; as certain of your verse writers have said, For we are his offspring.
 εν αυτω γαρ ζωμεν και κινουμεθα και εσμεν ως και τινες των καθ υμας ποιητων ειρηκασιν του γαρ και γενος εσμεν
- 29 Si nou se pitit li, nou pa dwe mete nan tèt nou Bondye tankou yon moso lò, yon moso lajan osinon yon moso wòch moun travay ak ladrès pou fè yon pòtre ki soti nan tèt yo.
 If then we are the offspring of God, it is not right for us to have the idea that God is like gold or silver or stone, formed by the art or design of man.
 γενος ουν υπαρχοντες του θεου ουκ οφειλομεν νομιζειν χρυσω η αργυρω η λιθω χαραγματι τεχνης και ενθυμησεως ανθρωπου το θειον ειναι ομοιον
- 30 Men, Bondye fèmen je l' sou tout tan sa yo moun pase nan liyorans. Koulye a li rele yo tout, kote yo ye, pou yo tounen vin jwenn li.
 Those times when men had no knowledge were overlooked by God; but now he gives orders to all men in every place to undergo a change of heart:
 τους μεν ουν χρονους της αγνοιας υπεριδων ο θεος τα νυν παραγγελλει τοις ανθρωποις πασιν πανταχου μετανοειν

- 31 Se konsa tou, li fikse yon jou lè li gen pou l' jije tout moun san patipri: li chwazi yon nonm pou sa. Li bay tout moun prèy la lè l' fè nonm sa a leve soti vivan nan lanmò.
Because a day has been fixed in which all the world will be judged in righteousness by the man who has been marked out by him for this work; of which he has given a sign to all men by giving him back from the dead.
διότι εστίσεν ἡμέραν ἐν ἣ μελλεῖ κρῖνειν τὴν οἰκουμένην ἐν δικαιοσυνῇ ἐν ἀνδρὶ ὃ ὥρισεν πίστιν παρασχῶν πασὶν ἀναστήσας αὐτὸν ἐκ νεκρῶν
- 32 ¶ Lè yo tande Pòl di moun mouri ka leve, te gen ladan yo ki pran pase l' nan betiz. Gen lòt menm ki t'ap di li: N'a tande koze sa a yon lòt jou.
Now on hearing about the coming back from death, some of them made sport of it, but others said, Let us go more fully into this another time.
ἀκουσάντες δὲ ἀνάστασιν νεκρῶν οἱ μὲν ἐγλευάζον οἱ δὲ εἶπον ἀκουσομεθα σοῦ παλὶν περὶ τούτου
- 33 Se konsa Pòl soti nan mitan yo.
And so Paul went away from among them.
καὶ οὕτως ὁ παῦλος ἐξῆλθεν ἐκ μέσου αὐτῶν
- 34 Men, atousa, te gen ladan yo ki te dakò pou yo te mache ak Pòl epi ki te kwè. Pami yo te gen Deni, manm Aewopaj la, yon fanm yo te rele Damaris ak kèk lòt ankò.
But some men gave him their support: among whom was Dionysius the Areopagite, and a woman named Damaris, and others with them.
τινὲς δὲ ἀνδρὲς κολλήθεντες αὐτῷ ἐπίστευσαν ἐν οἷς καὶ διονύσιος ὁ ἀρεοπαγίτης καὶ γυνὴ ὀνοματὶ δαμαρὶς καὶ ἕτεροι σὺν αὐτοῖς
- 1 ¶ Apre sa, Pòl pati, li kite lavil Atèn, li ale lavil Korent.
After these things, he went away from Athens, and came to Corinth.
μετὰ δὲ ταῦτα χωρισθεὶς ὁ παῦλος ἐκ τῶν ἀθηνῶν ἦλθεν εἰς κορινθόν
- 2 Rive la, li kontre yon jwif yo te rele Akilas, moun peyi Pon, ki te fèk rive soti Itali ansanm ak madanm li yo te rele Prisil, apre Seza Klòd te bay lòd pou tout jwif te kite lavil Wòm. Pòl al wè yo,
And there he came across a certain Jew named Aquila, a man of Pontus by birth, who not long before had come from Italy with his wife Priscilla, because Claudius had given orders that all Jews were to go away from Rome: and he came to them;
καὶ εὗρον τίνα ἰουδαῖον ὀνοματὶ ἀκύλαν ποντικὸν τῷ γένει προσφατῶς ἐληλυθότα ἀπὸ τῆς ἰταλίας καὶ πρισκυλλαν γυναῖκα αὐτοῦ διὰ τὸ διατεταχῆναι κλαυδίον χωρίζεσθαι πάντας τοὺς ἰουδαίους ἐκ τῆς ρώμης προσήλθεν αὐτοῖς
- 3 epi l' rete lakay yo. Li t'ap travay ansanm ak yo paske li te gen menm metye ak yo: li te konn fè tant an twal.
And because he was of the same trade, he was living with them, and they did their work together; for by trade they were tent-makers.
καὶ διὰ τὸ ὁμοτεχνῶν εἶναι ἐμένεν παρ' αὐτοῖς καὶ εἰργάζετο ἦσαν γὰρ σκηνοποιοὶ τὴν τέχνην
- 4 Chak jou repo, Pòl te pran lapawòl nan sinagòg la, li t'ap chache pran tèt anpil jwif ak anpil moun peyi Lagrès.
And every Sabbath he had discussions in the Synagogue, turning Jews and Greeks to the faith.
διελέγετο δὲ ἐν τῇ συναγωγῇ κατὰ παντὸν σαββάτον ἐπειθεὶν τε ἰουδαίους καὶ ἐλληνας
- 5 Men, lè Silas ak Timote rive soti Masedwan, Pòl te bay tout tan l' pou travay predikasyon an sèlman: li t'ap bay jwif yo tout kalite prèy pou moutre yo Jezi se Kris yo t'ap tann lan.
And when Silas and Timothy came down from Macedonia, Paul was completely given up to the word, preaching to the Jews that the Christ was Jesus.
ὡς δὲ κατήλθον ἀπὸ τῆς μακεδονίας ὁ τε σίλας καὶ ὁ τιμοθέος συνέχετο τῷ πνεύματι ὁ παῦλος διαμαρτυρούμενος τοῖς ἰουδαίοις τὸν χριστὸν ἰησοῦν
- 6 Men, jwif yo pran kenbe tèt avèk li, yo t'ap jwè l'. Lè l' wè sa, li souke pousyè ki te sou rad li, epi l' di yo: Si nou peri, se nou ki chache sa. Se p'ap fòt mwen. Depi koulye a m'ap vire kò m' bò kot moun ki pa jwif yo.
And when they put themselves against him, and said evil words, he said, shaking his clothing, Your blood be on your heads, I am clean: from now I will go to the Gentiles.
ἀντιτάσσουμένων δὲ αὐτῶν καὶ βλασφημουμένων ἐκτιναζάμενος τὰ ἱμάτια εἶπεν πρὸς αὐτοὺς τὸ αἷμα ὑμῶν ἐπὶ τὴν κεφαλὴν ὑμῶν καθάρους ἐγὼ ἀπὸ τοῦ νῦν εἰς τὰ ἔθνη πορεύσομαι
- 7 ¶ Konsa li soti, li ale lakay Titris Jistis. Se te yon nonm ki pa t' jwif men ki te konvèti nan relijyon jwif yo. Kay li te tou kole ak sinagòg la.
And moving from there, he went into the house of a man named Titus Justus, a God-fearing man, whose house was very near the Synagogue.
καὶ μεταβὰς ἐκεῖθεν ἦλθεν εἰς οἰκίαν τίνος ὀνοματὶ ἰουστῶ σέβομενου τὸν θεὸν οὐ ἡ οἰκία ἦν συνομορούσα τῇ συναγωγῇ
- 8 Krispis, chèf sinagòg la, te mete konfyans li nan Seyè a ansanm ak tout fanmi li. Anpil lòt moun Korent te kwè tou lè yo te tande sa Pòl t'ap di yo, epi yo te resevwa batèm.
And Crispus, the ruler of the Synagogue, with all his family, had faith in the Lord; and a great number of the people of Corinth, hearing the word, had faith and were given baptism.
κρίσπος δὲ ὁ ἀρχισυναγωγὸς ἐπίστευσεν τῷ κυρίῳ σὺν ὅλῳ τῷ οἴκῳ αὐτοῦ καὶ πολλοὶ τῶν κορινθίων ἀκούοντες ἐπίστευον καὶ ἐβαπτίζοντο
- 9 Yon jou lannwit, Pòl fè yon vizyon. Li wè Seyè a ki di li: Ou pa bezwen pè, se pou ou kontinye pale. Pa fèmen bouch ou.
And the Lord said to Paul in the night, in a vision, Have no fear and go on preaching:
εἶπεν δὲ ὁ κύριος δι' ὄραματος ἐν νυκτὶ τῷ παύλῳ μὴ φοβῶν ἀλλὰ λαλεῖ καὶ μὴ σιωπῆσης

- 10 Mwen la avèk ou. Pesonn p'ap ka mete men sou ou pou fè ou anyen. Gen anpil moun ki pou mwen nan lavil la.
For I am with you, and no one will make an attack on you to do you damage: for I have a number of people in this town.
διότι εγώ ειμι μετὰ σου και ουδεις επιθησεται σοι του κακωσαι σε διότι λαος εστιν μοι πολυς εν τη πολει ταυτη
- 11 Konsa, Pòl pase dizwit mwa lavil Korent, li t'ap moutre moun yo pawòl Bondye a.
And he was there for a year and six months, teaching the word of God among them.
εκαθισεν τε ενιαυτον και μηνας εξ διδασκων εν αυτοις τον λογον του θεου
- 12 ¶ Pandan Galyon te gouvènè nan peyi Lakayi, jwif yo mete tèt ansanm, yo leve dèyè Pòl. Yo mennen l' devan tribinal la,
But when Gallio was ruler of Achaia, all the Jews together made an attack on Paul, and took him to the judge's seat,
γαλλιωνος δε ανθυπατευοντος της αχαιας κατεπεστησαν ομοθυμαδον οι ιουδαιοι τω παυλω και ηγαγον αυτον επι το βημα
- 13 epi yo di: Nonm sa a ap chache pran tèt moun pou fè yo sèvi Bondye yon jan ki kont lalwa.
Saying, This man is teaching the people to give worship to God in a way which is against the law.
λεγοντες οτι παρα τον νομον ουτος αναπειθει τους ανθρωπους σεβεσθαι τον θεον
- 14 Pòl tapral pale, lè Galyon di jwif yo konsa: Nou menm jwif, koute: si se te yon krim osinon yon movezak li te fè, mwen ta pèdi tan m' koute nou.
But when Paul was about to say something, Gallio said to the Jews, If this was anything to do with wrongdoing or crime, there would be a reason for me to give you a hearing:
μελλοντος δε του παυλου ανοιγειν το στομα ειπεν ο γαλλιον προς τους ιουδαιους ει μεν ουν ην αδικημα τι η ραδιουργημα πονηρον ω ιουδαιοι κατα λογον αν ηνεσχομην υμων
- 15 Men, si se yon bann diskisyon sou mo, sou non, sou lalwa jwif yo, sa se zafè ki gade nou. Mwen p'ap antre nan bagay konsa pou m' mete rezon.
But if it is a question of words or names or of your law, see to it yourselves; I will not be a judge of such things.
ει δε ζητημα εστιν περι λογου και ονοματων και νομου του καθ υμας οψεσθε αυτοι κριτης γαρ εγω τούτων ου βουλομαι ειναι
- 16 Epi li mete tout moun deyò nan tribinal la.
And he sent them away from the judge's seat.
και απηλασεν αυτους απο του βηματος
- 17 Lè sa a, jwif yo mete men sou Sostèn, chèf sinagòg la, yo bat li byen bat devan tribinal la. Men, Galyon pa okipe yo menm.
And they all made an attack on Sosthenes, the ruler of the Synagogue, and gave him blows before the judge's seat; but Gallio gave no attention to these things.
επιλαβομενοι δε παντες οι ελληνες σωσθενην τον αρχισυναγωγον ετυπτον εμπροσθεν του βηματος και ουδεν τούτων τω γαλλιωني εμελεν
- 18 ¶ Pòl rete kèk tan ankò lavil Korent. Apre sa, li kite frè yo, li anbake sou yon batiman pou peyi Siri ansanm ak Prisol ak Akilas. Anvan sa, li fè kale tèt li nan Sankre paske li te fè yon ve.
And Paul, after waiting some days, went away from the brothers and went by ship to Syria, Priscilla and Aquila being with him; and he had had his hair cut off in Cenchrea, for he had taken an oath.
ο δε παυλος ετι προσμεινας ημερας ικανας τοις αδελφοις αποταξαμενος εξεπλει εις την συριαν και συν αυτω πρισκιλλα και ακυλας κειραμενος την κεφαλην εν κεγχρεας ειχεν γαρ ευχην
- 19 Rive yo rive lavil Efèz, Pòl kite Prisol ak Akilas, li al nan sinagòg la, li pran diskite ak jwif yo.
And they came down to Ephesus and he left them there: and he himself went into the Synagogue and had a discussion with the Jews.
κατηντησεν δε εις εφεσον κακεινους κατελιπεν αυτου αυτος δε εισελθων εις την συναγωγην διελεχθη τοις ιουδαιοις
- 20 Yo mande l' pou l' rete pi lontan ak yo, men li pa t' vle.
And being requested by them to be there for a longer time, he said, No;
ερωτωντων δε αυτων επι πλειονα χρονον μειναι παρ αυτοις ουκ επενευσεν
- 21 Anvan l' kite yo, li di yo: M'a tounen vin wè nou, si Bondye vle. Epi li moute yon batiman, li kite Efèz.
And went from them, saying, I will come back to you if God lets me; and he took ship from Ephesus.
αλλ απεταξατο αυτοις ειπων δει με παντως την εορτην την ερχομενην ποιησαι εις ιεροσολυμα παλιν δε ανακαμψω προς υμας του θεου θελοντος και ανηχθη απο της εφεσου
- 22 Lè l' debake lavil Sezare, li moute Jerizalèm, li pase di legliz la bonjou. Apre sa, li al Antiòch.
And when he had come to land at Caesarea, he went to see the church, and then went down to Antioch.
και καταλθων εις καισαρειαν αναβας και ασπασαμενος την εκκλησιαν κατεβη εις αντιοχειαν
- 23 Li pase kèk tan la, epi li pati ankò. Li pase nan tout peyi Galasi ak peyi Friji, li t'ap fòtifye tout disip yo nan konfyans yo nan Bondye.
And having been there for some time, he went through the country of Galatia and Phrygia in order, making the disciples strong in the faith.
και ποιησας χρονον τινα εξηλθεν διερχομενος καθεξης την γαλατικην χωραν και φρυγιαν επιστηριζων παντας τους μαθητας

- 24 ¶ Yon jwif yo te rele Apolòs rive lavil Efèz. Se te moun lavil Aleksandri. Nonm sa a te konn pale byen, li te konn tou sa ki te ekri nan Liv yo.
Now a certain Jew named Apollos, an Alexandrian by birth, and a man of learning, came to Ephesus; and he had great knowledge of the holy Writings.
ιουδαιος δε τις απολλως ονοματι αλεξανδρεως τω γενει ανηρ λογιος κατηνητησεν εις εφεσον δυνατος ων εν ταις γραφαις
- 25 Yo te moutre l' chemen Bondye a. Depi lè sa a, li te cho pou l' te anonse pawòl la. San dezanpare li t'ap moutre moun yo tou sa li te konnen sou Jezi yon jan ki konfòm ak verite a. Men, se batèm Jan an ase li te konnen.
This man had been trained in the way of the Lord; and burning in spirit, he gave himself up to teaching the facts about Jesus, though he had knowledge only of John's baptism:
ουτος ην κατηχημενος την οδον του κυριου και ζεων τω πνευματι ελαλει και εδιδασκεν ακριβως τα περι του κυριου επισταμενος μονον το βαπτισμα ιωαννου
- 26 Li t'ap pale avèk fòs konviksyon nan sinagòg la. Lè Prisol ak Akilas tande l', yo pran l' avèk yo epi yo fin moutre li chemen Bondye a yon jan ki pi korèk.
And he was preaching in the Synagogue without fear. But Priscilla and Aquila, hearing his words, took him in, and gave him fuller teaching about the way of God.
ουτος τε ηρξατο παρρησιαζεσθαι εν τη συναγωγη ακουσαντες δε αυτου ακυλας και πρισκιλλα προσελαβοντο αυτον και ακριβεστερον αυτω εξεθεντο την του θεου οδον
- 27 Apre sa, Apolòs fè lide ale Lakayi. Frè yo te ankouraje li. Yo ekri yon lèt voye bay disip yo ki nan peyi sa a pou yo te byen resewva Apolòs. Lè li rive Lakayi, li bay moun Bondye te fè favè kwè yo yon gwo konkou.
And when he had a desire to go over into Achaia, the brothers gave him help, and sent letters to the disciples requesting them to take him in among them: and when he had come, he gave much help to those who had faith through grace:
βουλομενου δε αυτου διελθειν εις την αχαιαν προτρεψαμενοι οι αδελφοι εγραψαν τοις μαθηταις αποδεξασθαι αυτον ος παραγενομενος συνεβαλετο πολυ τοις πεπιστευκοσιν δια της χαριτος
- 28 Se avèk gwo konviksyon devan tout moun li t'ap moutre jwif yo ki jan yo te nan lerè: li pran sa ki ekri nan Liv yo a, li t'ap ba yo prè se Jezi ki Kris la.
For he overcame the Jews in public discussion, making clear from the holy Writings that the Christ was Jesus.
ευτωσης γαρ τοις ιουδαιοις διακατηλεγγετο δημοσια επιδεικνυς δια των γραφων ειναι τον χριστον ιησουν
- 1 ¶ Antan Apolòs te lavil Korent, Pòl menm t'ap pase nan tout mòn peyi Lazi yo jouk li rive lavil Efèz. Li jwenn kèk disip nan lavil la.
And it came about that while Apollos was at Corinth, Paul, having gone through the higher country, came to Ephesus, where there were certain disciples:
εγενετο δε εν τω τον απολλω ειναι εν κορινθω παυλον διελθοντα τα ανωτερα κερη ελθειν εις εφεσον και ευρων τινας μαθητας
- 2 Li mande yo: Eske nou te resewva Sentespri lè nou te kwè? Yo reponn li: Yo pa t' janm di nou te gen yon Sentespri.
And he said to them, Did you get the Holy Spirit when you had faith? And they said to him, No, we have had no knowledge of the Holy Spirit.
ειπεν προς αυτους ει πνευμα αγιον ελαβετε πιστευσαντες οι δε ειπον προς αυτον αλλ ουδε ει πνευμα αγιον εστιν ηκουσαμεν
- 3 Lè sa a, Pòl mande yo: Ki batèm nou te resewva? Yo reponn li: Batèm Jan an.
And he said, What sort of baptism did you have? And they said, The baptism of John.
ειπεν τε προς αυτους εις τι ουν εβαπτισθητε οι δε ειπον εις το ιωαννου βαπτισμα
- 4 Pòl di yo: Jan te batize moun ki te asepte tounen vin jwenn Bondye, li t'ap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan moun ki t'ap vini apre l' la, ki vle di Jezi.
And Paul said, John gave a baptism which goes with a change of heart, saying to the people that they were to have faith in him who was coming after him, that is, in Jesus.
ειπεν δε παυλος ιωαννης μεν εβαπτισεν βαπτισμα μετανοιας τω λαω λεγων εις τον ερχομενον μετ αυτον ινα πιστευσωσιν τουτεστιν εις τον χριστον ιησουν
- 5 Lè yo tande sa, yo mande pou resewva batèm nan non Seyè Jezi.
And hearing this, they had baptism in the name of the Lord Jesus.
ακουσαντες δε εβαπτισθησαν εις το ονομα του κυριου ιησου
- 6 Apre sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi Sentespri desann sou yo. Yo pran pale nan lang lòt peyi, yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye.
And when Paul had put his hands on them, the Holy Spirit came on them; and they had the power of talking in tongues, and acting like prophets.
και επιθεντος αυτοις του παυλου τας χειρας ηλθεν το πνευμα το αγιον επ αυτους ελαλουν τε γλωσσαις και προεφητευον
- 7 Te gen douz gason konsa antou.
And there were about twelve of these men.
ησαν δε οι παντες ανδρες ωσει δεκαδυο
- 8 ¶ Pòl ale nan sinagòg la. Pandan twa mwa li t'ap pale la avèk gwo konviksyon. Li t'ap fè yo konnen tout bagay sou Gouvènman Bondye ki wa a, li t'ap chache pran tèt moun ki t'ap koute l' yo.
And he went into the Synagogue, and for three months he was preaching there without fear, reasoning and teaching about the kingdom of God.
εισελθον δε εις την συναγωγην επαρρησιαζετο επι μηνιας τρεις διαλεγομενος και πειθον τα περι της βασιλειας του θεου

- 9 Men, anpil t'ap fè tèt di, yo te refize kwè: yo t'ap pase chemen Bondye a nan rizib devan tout asanble a. Lè Pòl wè sa, li wete kò l' nan mitan yo, li pran disip Kris yo avèk li. Chak jou li t'ap preche nan lekòl Tiranis la.
 But because some of the people were hard-hearted and would not give hearing, saying evil words about the Way before the people, he went away from them, and kept the disciples separate, reasoning every day in the school of Tyrannus.
 ως δε τινες εσκληρυνοντο και ηπειθουν κακολογουντες την οδον ενωπιον του πληθους αποστας απ αυτων αφωρισεν τους μαθητας καθ ημεραν διαλεγομενος εν τη σχολη τυραννου τινος
- 10 Pandan dezan, sa mache konsa. Se sak fè tout moun ki te rete nan pwovens Lazi a, jwif kou moun lòt nasyon yo, yo tout te tande pawòl Seyè a.
 And this went on for two years, so that all those who were living in Asia had knowledge of the word of the Lord, Greeks as well as Jews.
 τουτο δε εγενετο επι ετη δυο ωστε παντας τους κατοικουντας την ασιαν ακουσαι τον λογον του κυριου ιησου ιουδαιους τε και ελληνας
- 11 Bondye te sèvi ak Pòl pou l' te fè anpil gwo mirak.
 And God did special works of power by the hands of Paul:
 δυναμεις τε ου τας τυχουσας εποιει ο θεος δια των χειρων παυλου
- 12 Se konsa yo te konn pran mouchwa ak lòt rad ki te fwote ak kò l', yo pote yo bay moun malad. Lamenm malad yo te geri, epi tout move lespri yo te met deyò.
 So that bits of linen and clothing from his body were taken to people who were ill, and their diseases went away from them and the evil spirits went out.
 ωστε και επι τους ασθενουντας επιφερεσθαι απο του χρωτος αυτου σουδαρια η σιμικινθια και απαλλασσεσθαι απ αυτων τας νοσους τα τε πνευματα τα πονηρα εξερχεσθαι απ αυτων
- 13 ¶ Te gen kèk jwif ki t'ap mache toupatou ap chase move lespri sou moun malad. Yo menm tou, yo t'ap seye chase move lespri yo nan non Jezi. Se konsa yo te konn di move lespri yo: Pa pouvwa Jezi Pòl ap fè konnen an, mwen ba ou lòd sotì.
 But some of the Jews who went from place to place driving out evil spirits, took it on themselves to make use of the name of the Lord Jesus over those who had evil spirits, saying, I give you orders, by Jesus, whom Paul is preaching.
 επεχειρησαν δε τινες απο των περιερχομενων ιουδαιων εξορκιστων ονομαζειν επι τους εχοντας τα πνευματα τα πονηρα το ονομα του κυριου ιησου λεγοντες ορκιζομεν υμας τον ιησουν ον ο παυλος κη ρυσσει
- 14 (Se te sèt pitit gason Seva, yon granprèt jwif, ki t'ap fè sa.)
 And there were seven sons of a man named Sceva, a Jew and a chief priest, who did this.
 ησαν δε τινες υιοι σκεβα ιουδαιου αρχιερωος επτα οι τουτο ποιουντες
- 15 Men move lespri a reponn yo: Mwen konnen Jezi, mwen konnen Pòl. Men nou menm, ki moun nou ye?
 And the evil spirit, answering, said to them, I have knowledge of Jesus, and of Paul, but who are you?
 αποκριθεν δε το πνευμα το πονηρον ειπεν τον ιησουν γινωσκω και τον παυλον επισταμαι υμεις δε τινες εστε
- 16 Lè sa a, nonm ki te gen move lespri sou li a fonsè sou yo, li moutre li te gen plis fòs pase yo tout mete ansanm. Li malmennen yo sitèlman yo pran kouri sotì nan kay la toutouni, tout kò yo an san.
 And the man in whom the evil spirit was, jumping on them, was stronger than the two of them, and overcame them, so that they went running from that house, wounded and without their clothing.
 και εφαλλομενος επ αυτους ο ανθρωπος εν ω ην το πνευμα το πονηρον και κατακυριευσας αυτων ισχυσεν κατ αυτων ωστε γυμνους και τετραυματισμενους εκφυγειν εκ του οικου εκεινου
- 17 Tout moun lavil Efèz, jwif kou moun lòt nasyon yo, te rive konn bagay sa a. Yo tout te pè, men yo te vin gen gwo respè pou non Seyè Jezi a.
 And this came to the ears of all those, Jews and Greeks, who were living at Ephesus; and fear came on them all, and the name of the Lord Jesus was made great.
 τουτο δε εγενετο γνωστον πασιν ιουδαιοις τε και ελλησιν τοις κατοικουσιν την εφεσον και επεπεσεν φοβος επι παντας αυτους και εμεγαλυνετο το ονομα του κυριου ιησου
- 18 Anpil nan moun ki te kwè yo vini, yo kanpe devan tout moun, yo t'ap avwe tou sa yo te fè, yo t'ap rekonèt sa an piblik.
 And a number of those who had faith came and made a public statement of their sins and all their acts.
 πολλοι τε των πεπιστευκοτων ηρχοντο εξομολογουμενοι και αναγγελλοντες τας πραξεις αυτων
- 19 Te gen anpil ladan yo ki te konn pratike maji, yo pote liv yo, yo boule yo devan tout moun. Dapre kalkil yo te fè, te gen liv pou desansenkantmil (250.000) goud antou.
 And a great number of those who were experts in strange arts took their books and put them on the fire in front of everyone: and when the books were valued they came to fifty thousand bits of silver.
 ικανοι δε των τα περιεργα πραξαντων συνενεγκαντες τας βιβλους κατεκαιον ενωπιον παντων και συνεψηφισαν τας τιμας αυτων και ευρον αργυριου μυριαδας πεντε
- 20 Se konsa pawòl Bondye a t'ap gaye avèk pouvwa, li t'ap moutre fòs li.
 So the word of the Lord was increased very greatly and was full of power.
 ουτως κατα κρατος ο λογος του κυριου ηυξανεν και ισχυεν

- 21 ¶ Apre bagay sa yo fin pase, Pòl fè lide pase nan Masedwan ak Lakayi, apre sa pou li al Jerizalèm. Li t'ap di: Apre mwen soti la, se pou m' al wè lavil Wòm tou.
Now after these things were ended, Paul came to a decision that when he had gone through Macedonia and Achaia he would go to Jerusalem, saying, After I have been there, I have a desire to see Rome.
ως δε πληρωθη ταυτα εθετο ο παυλος εν τω πνευματι διελθων την μακεδονιαν και αχαιαν πορευεσθαι εις ιερουσαλημ ειπων οτι μετα το γενεσθαι με εκει δει με και ρωμην ιδειν
- 22 Lè sa a, li voye Timote ak Eras, de nan moun ki t'ap ede l' nan sèvis la, devan nan peyi Masedwan. Li menm li rete kèk tan ankò nan pwovens Lazi.
And having sent two of his helpers, Timothy and Erastus, into Macedonia, he himself went on living in Asia for a time.
αποστειλας δε εις την μακεδονιαν δυο των διακουνουντων αυτω τιμοθεον και εραστον αυτος επεσχεν χρονον εις την ασιαν
- 23 Se lè sa a yon gwo dezòd pete nan lavil Efèz poutèt chemen Bondye a.
And about that time a great outcry took place about the Way.
εγενετο δε κατα τον καιρον εκεινον ταραχος ουκ ολιγος περι της οδου
- 24 Te gen yon òfèv yo te rele Demetriyis, ki te konn fè ti modèl kay yo te bati pou yon bondye fanm yo rele Artemis. Se an ajan li te fè yo. Travay sa a te rapòte ouvriye l' yo anpil.
For there was a certain man named Demetrius, a silver-worker, who made silver boxes for the images of Diana, and gave no small profit to the workmen;
δημητριος γαρ τις ονοματι αργυροκοπος ποιων ναους αργυρους αρτεμιδος παρειχετο τοις τεχνιταις εργασιαν ουκ ολιγην
- 25 Yon jou, li sanble tout ouvriye l' yo ansanm ak tout lòt moun ki te konn fè menm travay sa a tou. Li di yo: Mesye, nou konnen se travay sa a ki fè nou viv.
Whom he got together, with other workmen of the same trade, and said to them, Men, it is clear that from this business we get our wealth.
ους συναθροισας και τους περι τα τοιαυτα εργατας ειπεν ανδρες επιστασθε οτι εκ ταυτης της εργασιαις η ευπορια ημων εστιν
- 26 Men, nou wè ak je nou, nou tande ak zòrèy nou sa nonm yo rele Pòl la ap fè. L'ap mache di bondye moun fè ak men se pa bondye yo ye menm. Se konsa, li resi rive pran tèt anpil moun, pa isit nan lavil Efèz la ase, men nan tout pwovens Lazi a.
And you see, for it has come to your ears, that not only at Ephesus, but almost all through Asia, this Paul has been teaching numbers of people and turning them away, saying that those are not gods who are made by men's hands:
και θεωρειτε και ακουετε οτι ου μονον εφεσου αλλα σχεδον πασης της ασιας ο παυλος ουτος πεισας μετεστησεν ικανον οχλον λεγων οτι ουκ εισιν θεοι οι δια χειρων γινομενοι
- 27 Talè konsa, metye nou an pral pote move non. Men, sa ki pi rèd ankò, kay Artemis, gwo bondye fanm lan, pral pèdi repitasyon li. Lè sa a menm, gwo bondye moun ap adore nan tout pwovens Lazi ak toutpatou sou latè a pral pase pou anyen.
And there is danger, not only that our trade may be damaged in the opinion of men, but that the holy place of the great goddess Diana may be no longer honoured, and that she to whom all Asia and the world give worship, will be put down from her high position.
ου μονον δε τουτο κινδυνευει ημιν το μερος εις απελεγμον ελθειν αλλα και το της μεγαλης θεας αρτεμιδος ιερον εις ουδεν λογισθηναι μελλειν δε και καθαιρεσθαι την μεγαλειοτητα αυτης ην ολη η ασια και η οικουμενη σεβεται
- 28 Lè yo tande sa, fowl moun yo vin ankòlè anpil, yo pran rele: Artemis moun Efèz yo, se gwo nègès!
And hearing this, they were very angry, crying out and saying, Great is Diana of Ephesus.
ακουσαντες δε και γενομενοι πληρεις θυμου εκραζον λεγοντες μεγαλη η αρτεμις εφεσιων
- 29 Dezòd la gaye nan tout lavil la. Moun yo pase men yo, yo pran Gayis ak Aristak, de moun Masedwan ki te ansanm ak Pòl nan vwayaj li a, yo kouri an foul, y' al nan teyat la.
And the town was full of noise and trouble, and they all came running into the theatre, having taken by force Gaius and Aristarchus, men of Macedonia who were journeying in company with Paul.
και επλησθη η πολις ολη συγχυσεως ωρμησαν τε ομοθυμαδον εις το θεατρον συναρπασαντες γαιον και αρισταρχον μακεδονας συνεκδημους του παυλου
- 30 Pòl te vle ale li menm tou devan pèp la, men dispip yo te di l' non.
And when Paul was about to go in to the people, the disciples did not let him.
του δε παυλου βουλομενου εισελθειν εις τον δημον ουκ ειων αυτον οι μαθηται
- 31 Te gen de twa chèf nan peyi Lazi a ki te zanmi l', yo voye bò kote l', yo mande l' pou l' pa parèt tèt li nan teyat la.
And some of the rulers of Asia, being his friends, sent to him, requesting him seriously not to put himself in danger by going into the theatre.
τινες δε και των ασιαρχων οντες αυτω φιλοι πεμψαντες προς αυτον παρεκαλουν μη δουναι εαυτον εις το θεατρον
- 32 Pandan tout tan sa a, te gen gwo bouyay nan asanble a. Yon pòsyon moun t'ap rele yon bagay, yon lòt pòsyon menm t'ap rele yon lòt bagay. Pifò ladan yo pa t' konnen ojis poukisa yo te sanble.
And some said one thing, and some another: for there was no order in the meeting; and most of them had no idea why they had come together.
αλλοι μεν ουν αλλο τι εκραζον ην γαρ η εκκλησια συγκεχυμενη και οι πλειους ουκ ηδεισαν τινος ενεκεν συνεληλυθεισαν

- 33 Kèk moun nan foul la esplike bagay la bay Aleksann, yon nonm jwif yo te mete alatèt yo. Aleksann fè siy ak men li, li te vle pale pou l' pran defans jwif yo devan pèp la.
Then they took Alexander out from among the people, the Jews putting him forward. And Alexander, making a sign with his hand, was about to make a statement to the people in answer:
εκ δε του οχλου προεβιβασαν αλεξανδρον προβαλοντων αυτον των ιουδαιων ο δε αλεξανδρος κατασεισας την χειρα ηθελεν απολογισθαι τω δημω
- 34 Men, lè yo rekonnèt se jwif li ye, yo tout pran rele ansanm menm bagay la pandan dezèdetan: Ateemis moun Efèz yo, se gwo nègès.
But when they saw that he was a Jew, all of them with one voice went on crying out for about two hours, Great is Diana of Ephesus.
επιγοντων δε οτι ιουδαιος εστιν φωνη εγενετο μια εκ παντων ως επι ωρας δυο κραζοντων μεγαλη η αρτεμις εφεσιων
- 35 Bout pou bout, sekretè lakomin lan te resi fè foul la sispann rele, li di yo konsa: Moun Efèz, koute! Tout moun konnen lavil Efèz se li menm k'ap veye sou kay Ateemis, gwo nègès, ansanm ak estati li a ki te tonbe sot nan syèl la.
And when the chief secretary had got the people quiet, he said, Men of Ephesus, is any man without knowledge that the town of Ephesus is the keeper of the holy place of the great Diana, who was sent down from Jupiter?
καταστειλας δε ο γραμματευς τον οχλον φησιν ανδρες εφεσιου τις γαρ εστιν ανθρωπος ος ου γινωσκει την εφεσιων πολιν νεωκορον ουσαν της μεγαλης θεας αρτεμιδος και του διοπετους
- 36 Pesonn pa ka di se pa vre. Se sa ki fè, se pou n' mete tèt nou an plas pou n' pa fè anyen san nou pa kalkile byen.
So then, because these things may not be doubted, it would be better for you to be quiet, and do nothing unwise.
ανατιρρητων ουν οντων τουτων δεον εστιν υμας κατεσταλμενους υπαρχειν και μηδεν προπετες πραττειν
- 37 Bon. Mesye sa yo nou mennen isit la, se pa vòlò yo vòlò nan tanp yo, ni se pa pale yo pale mal sou Ateemis, bondye fanm nou an.
For you have taken these men, who are not doing damage to the holy place or talking against our goddess.
ηγαγετε γαρ τους ανδρας τουτους ουτε ιεροσυλους ουτε βλασφημουντας την θεαν υμων
- 38 Si Demetriyis ak ouvriye l' yo gen yon kont yo vle regle ak yon moun, gen jou pou tribinal la travay, epi gen chèf pou sa tou: se la pou y' al pote plent.
If, then, Demetrius and the workmen who are with him have a protest to make against any man, the law is open to them, and there are judges; let them put up a cause at law against one another.
ει μεν ουν δημητριος και οι συν αυτω τεχνιται προς τινα λογον εχουσιν αγοραιοι αγωνται και ανθυπατοι εισιν εγκαλειτωσαν αλληλοις
- 39 Apre sa, si nou gen lòt reklamasyon nou vle fè, n'a regle sa yon lè tout sitwayen yo va reyini dapre lalwa.
But if any other business is in question, let it be taken up in the regular meeting.
ει δε τι περι ετερων επιζητειτε εν τη εννομω εκκλησια επιλυθησεται
- 40 Avèk sa ki pase jòdi a, yo kapab al pote plent pou nou, yo kapab al di n'ap fè revolisyon. Pa gen okenn rezon pou tout dezòd sa a. Nou p'ap kapab bay okenn esplikasyon pou sa.
For, truly, we are in danger of being made responsible for this day's trouble, there being no cause for it: and we are not able to give any reason for this coming together.\
και γαρ κινδυνευομεν εγκαλεισθαι στασεως περι της σημερον μηδενος αιτιου υπαρχοντος περι ου δυνησομεθα αποδουναι λογον της συστροφης ταυτης
- 40 Avèk sa ki pase jòdi a, yo kapab al pote plent pou nou, yo kapab al di n'ap fè revolisyon. Pa gen okenn rezon pou tout dezòd sa a. Nou p'ap kapab bay okenn esplikasyon pou sa.
\\19:41\\And when he had said this, he sent the meeting away.
και γαρ κινδυνευομεν εγκαλεισθαι στασεως περι της σημερον μηδενος αιτιου υπαρχοντος περι ου δυνησομεθα αποδουναι λογον της συστροφης ταυτης
- 1 ¶ Lè dezòd la sispann, Pòl reyini disip yo, li ba yo kèk pawòl ankourajman, li di yo orevwa, epi l' pati pou Masedwan.
And after the noise had come to an end, Paul, having sent for the disciples and given them comfort, went away from them to Macedonia.
μετα δε το παυσασθαι τον θορυβον προσκαλεσαμενος ο παυλος τους μαθητας και ασπασαμενος εξηλθεν πορευθηνα εις την μακεδονιαν
- 2 Li pase nan tout zòn lan, li t'ap ankouraje fidèl yo avèk anpil mesaj. Apre sa, li pati, li ale Lagrès.
And when he had gone through those parts and given them much teaching, he came into Greece.
διελθων δε τα μερη εκεινα και παρακαλεσας αυτους λογω πολλω ηλθεν εις την ελλαδα
- 3 Rive la, li ret pase twa mwa. Li tapral pran yon batiman pou peyi Siri lè l' vin konnen jwif yo t'ap pare yon pèlen tann li. Se konsa, li decide tounen pase Masedwan ankò.
And when he had been there three months, because the Jews had made a secret design against him when he was about to take ship for Syria, he made a decision to go back through Macedonia.
ποιησας τε μηνας τρεις γενομενης αυτω επιβουλης υπο των ιουδαιων μελλοντι αναγεσθαι εις την συριαν εγενετο γνωμη του υποστρεφειν δια μακεδονιας
- 4 Men non moun ki te avèk li yo: Sopatè, pitit Piris, moun lavil Bere, Aristak ak Sekoundous, tou de moun Tesalonik, Gayis, moun Dèb, Timote, Tichik ak Twofim, tou twa moun pwovens Lazi.
And Sopater of Beroea, the son of Pyrrhus, and Aristarchus and Secundus of Thessalonica, and Gaius of Derbe, and Timothy, and Tychicus and Trophimus of Asia, went with him as far as Asia.
συνειπετο δε αυτω αχρι της ασιας σωπατρος βεροιαιος θεσσαλονικειων δε αρισταρχος και σεκουνδος και γαιος δερβαιοσ και τιμοθεος ασιανοι δε τυχικος και τροφιμος

- 5 Yo tout te pran devan, y' al tann nou Twoas.
But these had gone before, and were waiting for us at Troas.
ουτοι προελθοντες εμενον ημας εν τρωαδι
- 6 Nou menm, apre fèt Pen san ledven yo, nou anbake sou yon batiman lavil Filip. Apre senk jou, nou jwenn yo lavil Twoas. Nou rete pase tout yon senmenn la.
And we went away from Philippi by ship after the days of unleavened bread, and came to them at Troas in five days; and we were there for seven days.
ημεις δε εξεπλευσαμεν μετα τας ημερας των αζυμων απο φιλιππων και ηλθομεν προς αυτους εις την τρωαδα αχρως ημερων πεντε ου διετριψαμεν ημερας επτα
- 7 ¶ Premye jou nan senmenn lan, nou te reyini nan aswè pou n' te separe pen an ansanm. Pòl t'ap pale ak asanble a. Li te gen pou l' te pati nan denmen maten. Li te menwi, li t'ap pale toujou.
And on the first day of the week, when we had come together for the holy meal, Paul gave them a talk, for it was his purpose to go away on the day after; and he went on talking till after the middle of the night.
εν δε τη μια των σαββατων συνηγμενων των μαθητων του κλασαι αρτον ο παυλος διελεγετο αυτοις μελλων εξιεναι τη επαυριον παρετεινεν τε τον λογον μεχρι μεσονυκτιου
- 8 Nou te sanble nan pyès anwo kay la. Te gen anpil lanp limen ladan li.
And there were a number of lights in the room where we had come together.
ησαν δε λαμπαδες ικαναι εν τω υπερω ου ησαν συνηγμενοι
- 9 Yon jenn gason yo te rele Etich, te chita sou rebò fennèt la. Mesaj Pòl la te long. Etich kite kabicha pran l' epi l' dòmi nèt ale. Li dòmi sitèlman, li pèdi ekilib, li soti nan twazyèm etaj la li tonbe anba. Lè yo ranmase l', li te mouri frèt.
And a certain young man named Eutychus, who was seated in the window, went into a deep sleep; and while Paul went on talking, being overcome by sleep, he had a fall from the third floor, and was taken up dead.
καθημενος δε τις νεανιας ονοματι ευτυχος επι της θυριδος καταφερομενος υπνω βαθει διαλεγομενου του παυλου επι πλειον κατενεχθεις απο του υπνου επεσεν απο του τριστεγου κατω και ηρθη νεκρος
- 10 Pòl desanm, li bese sou li, li pran l' nan bra l', epi li di: Nou pa bezwen pè, li pa mouri.
And Paul went down and, falling on him, took him in his arms and said, Do not be troubled, for his life is in him.
καταβας δε ο παυλος επεπεσεν αυτω και συμπεριλαβων ειπεν μη θορυβεισθε η γαρ ψυχη αυτου εν αυτω εστιν
- 11 Lè Pòl tounen moute, li kase pen an, epi l' manje. Li pale lontan avèk yo ankò jouk solèy leve. Apre sa li pati.
And when he had gone up, and had taken the broken bread, he went on talking to them for a long time, even till dawn, and then he went away.
αναβας δε και κλασας αρτον και γευσαμενος εφ ικανον τε ομιλησας αχρως αυγης ουτως εξηλθεν
- 12 Yo mennen jenn gason an vivan lakay li. Se te yon ankourajman pou tout moun.
And they took the boy in, living, and were greatly comforted.
ηγαγον δε τον παιδα ζωντα και παρεκληθησαν ου μετριως
- 13 ¶ Nou pran devan, n' al anbake sou yon batiman ki mennen nou Asòs. Se la pou Pòl te vin anbake tou. Se li menm ki te vle l' konsa, li te fè lide ale Asòs apye.
But we, going before him by ship, went to Assos with the purpose of taking Paul in there: for so he had given orders, because he himself was coming by land.
ημεις δε προελθοντες επι το πλοιον ανηχθημεν εις την ασσον εκειθεν μελλοντες αναλαμβανειν τον παυλον ουτως γαρ ην διατεταγμενος μελλων αυτος πεζευειν
- 14 Lè l' vin jwenn nou Asòs, nou pran l' abò a, epi n' ale Mitylèn.
And when he came up with us at Assos, we took him in the ship and went on to Mitylene.
ως δε συνεβαλεν ημιν εις την ασσον αναλαβοντες αυτον ηλθομεν εις μιτυληνην
- 15 Antan nou la, nou fè vwal ankò. Nan denmen nou rive devan Chio. Apre yon jou, nou rive Samòs. Nan denmen ankò nou debake Milè.
And going from there by sea, we came on the day after opposite Chios, and touching at Samos on the day after that, we came on the third day to Miletus.
κακειθεν αποπλευσαντες τη επιουση κατηγησαμεν αντικρυ χιου τη δε ετερα παρεβαλομεν εις σαμον και μειναντες εν τρωγυλλιω τη εχομενη ηλθομεν εις μιλητον
- 16 Pòl te decide pase devan Efèz san rete pou l' pa t' pèdi twòp tan nan pwovens Lazi a. Li t'ap prese, li te vle wè si l' te kapab rive Jerizalèm pou jou Lapannkòt la.
For Paul's purpose was to go past Ephesus, so that he might not be kept in Asia; for he was going quickly, in order, if possible, to be at Jerusalem on the day of Pentecost.
εκρινεν γαρ ο παυλος παραπλευσαι την εφεσον οπως μη γενηται αυτω χρονοτριβησαι εν τη ασια εσπευδεν γαρ ει δυνατον ην αυτω την ημεραν της πεντηκοστης γενεσθαι εις ιεροσολυμα
- 17 ¶ Antan li lavil Milè, Pòl voye yon mesaj lavil Efèz: li mande chèf reskonsab legliz yo pou yo vin jwenn li.
And from Miletus he sent to Ephesus for the rulers of the church.
απο δε της μιλητου πεμψας εις εφεσον μετεκαλεσατο τους πρεσβυτερους της εκκλησιας

- 18 Lè yo rive, li di yo: Nou konnen ki jan mwen te mennen bak mwen tout tan mwen te la avèk nou, depi premye jou mwen te mete pye m' nan Lazi.
And when they had come, he said to them, You yourselves have seen what my life has been like all the time from the day when I first came into Asia,
 ως δε παρεγενοντο προς αυτον ειπεν αυτοις υμεις επιστασθε απο πρωτης ημερας αφ ης επεβην εις την ασιαν πως μεθ υμων τον παντα χρονον εγενομην
- 19 Mwen sèvi Seyè a san okenn pretansyon, avèk dlo nan je, nan mitan tout move pa mwen jwenn poutèt tout konplo jwif yo.
Doing the Lord's work without pride, through all the sorrow and troubles which came on me because of the evil designs of the Jews:
 δουλευων τω κυριω μετα πασης ταπεινοφροσυνης και πολλων δακρυων και πειρασμων των συμβαντων μοι εν ταις επιβουλαις των ιουδαιων
- 20 Nou konnen mwen pa janm kache nou anyen ki ta ka sèvi nou, mwen te fè nou konnen tout bagay, mwen te moutre nou tout bagay, kit an piblik kit lakay nou.
And how I kept back nothing which might be of profit to you, teaching you publicly and privately,
 ως ουδεν υπεστειλαμην των συμφεροντων του μη αναγγειλαι υμιν και διδαξαι υμας δημοσια και κατ οικους
- 21 Mwen avèti tout moun, jwif kou moun lòt nasyon yo, pou yo chanje lavi yo, tounen vin jwenn Bondye, pou yo mete konfyans yo nan Seyè Jezi.
Preaching to Jews and to Greeks the need for a turning of the heart to God, and faith in the Lord Jesus Christ.
 διαμαρτυρομενος ιουδαιοις τε και ελλησιν την εις τον θεον μετανοιαν και πιστιν την εις τον κυριον ημων ιησουν χριστον
- 22 Koulye a mwen pral Jerizalèm. Se Sentespri k'ap poue m' ale. Mwen pa konnen sak pral rive m' la a.
And now, as you see, I am going to Jerusalem, a prisoner in spirit, having no knowledge of what will come to me there:
 και νυν ιδου εγω δεδεμενος τω πνευματι πορευομαι εις ιερουσαλημ τα εν αυτη συναντησοντα μοι μη ειδως
- 23 Yon sèl bagay moun konnen: nan chak lavil kote m' pase, Sentespri avèti m' prizon ak anpil soufrans ap tann mwen.
Only that the Holy Spirit makes clear to me in every town that prison and pains are waiting for me.
 πλην οτι το πνευμα το αγιον κατα πολιν διαμαρτυρεται λεγον οτι δεσμα με και θλιψεις μενουσιν
- 24 Mwen pa pran lavi m' pou anyen, li pa gen okenn valè pou mwen. Men, mwen vle ale jouk nan bout nan sèvis mwen, mwen vle fini nèk ak travay Seyè Jezi ban mwen an, pou m' anonse bon nouvèl favè Bondye fè nou an.
But I put no value on my life, if only at the end of it I may see the work complete which was given to me by the Lord Jesus, to be a witness of the good news of the grace of God.
 αλλ ουδενος λογον ποιουμαι ουδε εχω την ψυχην μου τιμιαν εμαυτω ως τελειωσαι τον δρομον μου μετα χαρας και την διακονιαν ην ελαβον παρα του κυριου ιησου διαμαρτυρασθαι το ευαγγελιον της χαριτος του θεου
- 25 Mwen pase kèk tan nan mitan nou ap anonse Gouvènman Bondye ki wa a. Men, koulye a, mwen konnen nou yonn p'ap janm wè m' ankò.
And now I am conscious that you, among whom I have gone about preaching the kingdom, will not see my face again.
 και νυν ιδου εγω οίδα οτι ουκετι οψεσθε το προσωπον μου υμεις παντες εν οις διηλθον κηρυσσων την βασιλειαν του θεου
- 26 Se poutèt sa m'ap di nou jòdi a: si yonn nan nou peri, mwen pa reskonsab.
And so I say to you this day that I am clean from the blood of all men.
 διο μαρτυρομαι υμιν εν τη σημερον ημερα οτι καθαρος εγω απο του αιματος παντων
- 27 Mwen fè nou konnen tout plan travay Bondye a san m' pa kache nou anyen.
For I have not kept back from you anything of the purpose of God.
 ου γαρ υπεστειλαμην του μη αναγγειλαι υμιν πασαν την βουλην του θεου
- 28 Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou. Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a.
Give attention to yourselves, and to all the flock which the Holy Spirit has given into your care, to give food to the church of God, for which he gave his blood.
 προσεχετε ουν εαυτοις και παντι τω ποιμνω εν ω υμας το πνευμα το αγιον εθετο επισκοπους ποιμαινιν την εκκλησιαν του θεου ην περιεποιησατο δια του ιδιου αιματος
- 29 Mwen konnen tou, apre m' fin ale, gen moun k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la, tankou chen mawon nan yon bann mouton.
I am conscious that after I am gone, evil wolves will come in among you, doing damage to the flock;
 εγω γαρ οίδα τουτο οτι εισελουσονται μετα την αφιξιν μου λυκοι βαρεις εις υμας μη φειδομενοι του ποιμνιου
- 30 Gen moun k'ap soti nan mitan nou menm menm, k'ap kanpe pou bay manti, pou chache rale kèk disp dèyè yo.
And from among yourselves will come men who will give wrong teaching, turning away the disciples after them.
 και εξ υμων αυτων αναστησονται ανδρες λαλουντες διεστραμμενα του αποσπαν τους μαθητας οπισω αυτων

- 31 Se poutèt sa, mwen di nou: fè atansyon anpil. Toujou chonje ki jan, pandan twazan, lajounen kou lannwit, mwen pa janm sispann avèti nou tout, ak dlo nan je mwen.
So keep watch, having in mind that for three years without resting I was teaching every one of you, day and night, with weeping.
διο γρηγορείτε μνημονεύοντες οτι τριετιαν νυκτα και ημεραν ουκ επαυσαμην μετα δακρυων νουθετων ενα εκαστον
- 32 Koulye a m'ap renmèt nou nan men Bondye avèk mesaj favè li a. Se li menm ki ka fòtifye nou, ki ka ban nou tout bon bagay li sere pou tout moun ki pote non li.
And now, I give you into the care of God and the word of his grace, which is able to make you strong and to give you your heritage among all the saints.
και τανυν παρατιθειμαι υμας αδελφοι τω θεω και τω λογω της χαριτος αυτου τω δυναμενω εποικοδομησαι και δουναι υμιν κληρονομιαν εν τοις ηγιασμενοις πασιν
- 33 Mwen pa janm pote lanvi pou lajan pesonn, ni pou lò ni pou rad okenn moun.
I have had no desire for any man's silver or gold or clothing.
αργυριου η χρυσιου η ματισμου ουδενος επεθυμησα
- 34 Nou menm, nou konnen ki jan mwen travay ak men m' pou m' te ka jwenn tou sa mwen menm ansanm ak kanmarad mwen yo nou te bezwen.
You yourselves have seen that with these hands I got what was necessary for me and those who were with me.
αυτοι δε γινωσκετε οτι ταις χρειαϊς μου και τοις ουσιν μετ εμου υπηρετησαν αι χειρες αυται
- 35 Mwen moutre nou ki jan pou n' travay di nan tou sa n'ap fè pou n' ka ede pi fèb yo, pou nou toujou chonje pawòl Seyè a ki te di ak pwòp bouch li: Gen plis benediksyon pou moun k'ap bay pase pou moun k'ap resevwa.
In all things I was an example to you of how, in your lives, you are to give help to the feeble, and keep in memory the words of the Lord Jesus, how he himself said, There is a greater blessing in giving than in getting.
παντα υπεδειξα υμιν οτι ουτως κοπιωντας δει αντιλαμβανεσθαι των ασθενουντων μνημονευειν τε των λογων του κυριου ιησου οτι αυτος ειπεν μακαριον εστιν διδοναι μαλλον η λαμβανειν
- 36 ¶ Lè li fin pale konsa, Pòl mete ajenou ansanm ak yo tout, epi li lapriyè.
And having said these words, he went down on his knees in prayer with them all.
και ταυτα ειπων θεις τα γονατα αυτου συν πασιν αυτοις προσηυξατο
- 37 Yo tout t'ap kriye, yo pran Pòl nan bra yo, yo bo l', yo di li: Bondye avèk ou!
And they were all weeping, falling on Paul's neck and kissing him,
ικανος δε εγενετο κλαυθμος παντων και επιεσοντες επι τον τραχηλον του παυλου κατεφιλουν αυτον
- 38 Sa ki te fè yo plis lapenn, se lè li di yo p'ap janm wè l' ankò. Apre sa, yo kondi l' mennen jouk sou batiman an.
Being sad most of all because he had said that they would not see his face again. And so they went with him to the ship.
οδυνομενοι μαλιστα επι τω λογω ω ειρηκει οτι ουκετι μελλουσιν το προσωπον αυτου θεωρειν προπεμπον δε αυτον εις το πλοιον
- 1 ¶ Apre nou fin kite yo, nou pati sou batiman an. Nou fè k'ap tou dwat sou Kòs. Yon jou apre, nou te rive Wòd. Soti la, n' ale Patara.
And after parting from them, we put out to sea and came straight to Cos, and the day after to Rhodes, and from there to Patara:
ως δε εγενετο αναχθηναι ημας αποσπασθεντας απ αυτων ευθυδρομησαντες ηλθομεν εις την κων τη δε εξης εις την ροδον κακειθεν εις παταρα
- 2 La, nou jwenn yon batiman ki tapral peyi Finisi, nou moute abò l' epi nou pati.
And as there was a ship going to Phoenicia, we went in it.
και ευροντες πλοιον διαπερων εις φοινικην επιβαντες ανηχθημεν
- 3 Nou rive toupren lil Chip. Antan nou nan batiman an, nou te ka wè l' toupren konsa. Men, nou pase anba l' sou bò dwat li, nou fè k'ap pou peyi Siri. Nou fè tè lavil Tir. Batiman an te gen yon pakèt chay pou l' te debake la.
And when we had come in view of Cyprus, going past it on our left, we went on to Syria, and came to land at Tyre: for there the goods which were in the ship had to be taken out.
αναφαναντες δε την κυπρον και καταλιποντες αυτην ευωνυμον επλεομεν εις συριαν και κατηχθημεν εις τυρον εκεισε γαρ ην το πλοιον αποφορτιζομενον τον γομον
- 4 Nou jwenn kèk disip, nou pase sèt jou avèk yo. Lespri Bondye a te avèti yo pou yo te di Pòl pa moute Jerizalèm.
And meeting the disciples we were there for seven days: and they gave Paul orders through the Spirit not to go up to Jerusalem.
και ανευροντες τους μαθητας επεμεινανεν αυτου ημερας επτα οιτινες τω παυλω ελεγον δια του πνευματος μη αναβαινειν εις ιερουσαλημ
- 5 Lè sèt jou yo te pase, nou pati pou n' al fè wout nou. Tout disip yo, madanm yo ak tout pitit yo te kondi nou jouk andeyò lavil la. Nou tout nou mete ajenou sou rivaj la, nou lapriyè.
And when these days came to an end, we went on our journey; and they all, with their wives and children, came with us on our way till we were out of the town: and after going on our knees in prayer by the sea,
οτε δε εγενετο ημας εξαρτισαι τας ημερας εξελθοντες επορευομεθα προπεμποντων ημας παντων συν γουναξιν και τεκνοις εως εξω της πολεως και θεντες τα γονατα επι τον αιγιαλον προσηυξαμεθα

- 6 Apre sa, nou yonn di lòt orevwa. Nou moute abò, yo menm yo tounen lakay yo.
We said our last words to one another, and got into the ship, and they went back to their houses.
και ασπασαμενοι αλληλους επεβημεν εις το πλοιον εκεινοι δε υπεστρεψαν εις τα ιδια
- 7 Nou soti lavil Tir nou rive lavil Tolemays, se la nou fini vwayaj sou lanmè a. N' al di frè ki te la yo bonjou, nou pase yon jou avèk yo.
And journeying by ship from Tyre we came to Ptolemais; and there we had talk with the brothers and were with them for one day.
ημεις δε τον πλουν διανυσαντες απο τυρου κατηνησαμεν εις πτολεμαιδα και ασπασαμενοι τους αδελφους εμειναμεν ημεραν μιαν παρ αυτοις
- 8 ¶ Nan denmen, nou pati ankò, nou rive lavil Sezare. Nou antre lakay Filip, evanjelis la, nou fè ladesant la. Se te yonn nan sèt mesye yo te chwazi Jerizalèm yo.
And on the day after, we went away and came to Caesarea, where we were guests in the house of Philip, the preacher, who was one of the seven.
τη δε επαυριον εξελθοντες οι περι τον παυλον ηλθον εις καισαρειαν και εισελθοντες εις τον οικον φιλιππου του ευαγγελιστου του οντος εκ των επτα εμειναμεν παρ αυτο
- 9 Li te gen kat pitit fi ki pa t' marye, yo t'ap bay mesaj yo te resevwa nan men Bondye.
And he had four daughters, virgins, who were prophets.
τουτω δε ησαν θυγατερες παρθενοι τεσσαρες προφητεουσαι
- 10 Te gen kèk jou depi nou te la lè yon pwofèt yo rele Agabis desann soti nan Jide.
And while we were waiting there for some days, a certain prophet, named Agabus, came down from Judaea.
επιμενοντων δε ημων ημερας πλειους κατηλθεν τις απο της ιουδαιας προφητης ονοματι αγαβος
- 11 Li vin jwenn nou. Li pran sentiwon ki te nan ren Pòl la, li mare de pye pa l' ak de men pa l' yo, epi li di: Men sa Sentespri deklare: Se konsa jwif Jerizalèm yo pral mare mèt sentiwon sa a; apre sa, y'ap lage l' nan men moun lòt nasyon yo.
And he came to us, and took the band of Paul's clothing, and putting it round his feet and hands, said, The Holy Spirit says these words, So will the Jews do to the man who is the owner of this band, and they will give him up into the hands of the Gentiles.
και ελθων προς ημας και αρας την ζωνην του παυλου δησας τε αυτου τας χειρας και τους ποδας ειπεν ταδε λεγει το πνευμα το αγιον τον ανδρα ου εστιν η ζωνη αυτη ουτως δησουσιν εν ιερουσαλημ οι ιουδαιοι και παραδωσουσιν εις χειρας εθνων
- 12 Lè nou tande sa, nou menm ansanm ak tout moun Sezare yo t'ap di Pòl konsa: Tanpri souple, pa moute Jerizalèm.
And hearing these things, we and those who were living in that place made request to him not to go to Jerusalem.
ως δε ηκουσαμεν ταυτα παρεκαλουμεν ημεις τε και οι εντοπιοι του μη αναβαινειν αυτον εις ιερουσαλημ
- 13 Men, li reponn nou: Poukisa pou n'ap kriye konsa, pou n'ap chache kraze kouraj mwen konsa? Mwen menm, se pa pare sèlman mwen pare pou m' kite yo mare mwen. Menm si mouri vini, m'ap mouri pou Seyè Jezi nan Jerizalèm.
Then Paul said, What are you doing, weeping and wounding my heart? for I am ready, not only to be a prisoner, but to be put to death at Jerusalem for the name of the Lord Jesus.
απεκριθη δε ο παυλος τι ποιειτε κλαιοντες και συνθρυπτοντες μου την καρδιαν εγω γαρ ου μονον δεθηναι αλλα και αποθανειν εις ιερουσαλημ ετοιμως εχω υπερ του ονοματος του κυριου ιησου
- 14 Lè nou wè nou pa t' kapab chanje lide l', nou pa pèsiste sou sa anko. Nou di: Sa Bondye vle a, se sa k'ap fèt.
And as he might not be moved we did no more, saying, Let the purpose of God be done.
μη πειθομενου δε αυτου ησυχασαμεν ειποντες το θελημα του κυριου γενεσθω
- 15 ¶ Apre nou fin pase kèk jou la, nou ranje zafè nou, nou pati pou Jerizalèm.
And after these days we got ready and went up to Jerusalem.
μετα δε τας ημερας ταυτας αποσκευασαμενοι ανεβαινομεν εις ιερουσαλημ
- 16 Te gen kèk nan disip lavil Sezare yo ki te al ansanm avèk nou tou. Yo mennen nou lakay Nazon, moun lil Chip, ki te yon disip depi lontan. Se la nou fè ladesant.
And some of the disciples from Caesarea went with us, taking a certain Mnason of Cyprus, one of the early disciples, in whose house we were to be living.
σνηλθον δε και των μαθητων απο καισαρειας συν ημιν αγωντες παρ ω ξενισθωμεν μνασωνι τινι κυπριω αρχαιω μαθητη
- 17 Lè nou rive Jerizalèm, frè yo resevwa nou ak kè kontan.
And when we came to Jerusalem, the brothers were pleased to see us.
γενομενων δε ημων εις ιεροσολυμα ασμεως εδεξαντο ημας οι αδελφοι
- 18 Nan denmen, Pòl ale lakay Jak ansanm ak nou. Tout chèf reskonsab legliz yo te reyini la.
And on the day after, Paul went with us to James, and all the rulers of the church were present.
τη δε επιουση εισηει ο παυλος συν ημιν προς ιακωβον παντες τε παρεγενοντο οι πρεσβυτεροι

- 19 Pòl di yo bonjou, apre sa li tanmen rakonte yo an detay tou sa Bondye te fè ak travay li nan mitan moun ki pa jwif yo.
And when he had said how glad he was to see them, he gave them a detailed account of the things which God had done through his work among the Gentiles.
και ασπασαμενος αυτους εξηγειτο καθ εν εκαστον ων εποιησεν ο θεος εν τοις εθνεσιν δια της διακονιας αυτου
- 20 Lè yo fin tande l', yo tout pran fè lwanj Bondye. Apre sa yo di Pòl: Frè nou, ou wè tout kantite jwif ki kwè nan Jezi. Malgre sa, yo tout byen zele pou lalwa a toujou.
And hearing it, they gave praise to God; and they said to him, You see, brother, what thousands there are among the Jews, who have the faith; and they all have a great respect for the law:
οι δε ακουσαντες εδοξασον τον κυριον ειπον τε αυτω θεωρεις αδελφε ποσαι μυριαδες εισιν ιουδαιων των πεπιστευκοτων και παντες ζηλωται του νομου υπαρχουσιν
- 21 Yo vin di yo ki jan ou menm Pòl, w'ap moutre tout jwif k'ap viv nan mitan lòt nasyon yo pou yo kite Lalwa Moyiz la tonbe. W'ap di yo pa sikonsi pitit yo, ni yo pa bezwen swiv koutim jwif yo.
And they have had news of you, how you have been teaching all the Jews among the Gentiles to give up the law of Moses, and not to give circumcision to their children, and not to keep the old rules.
κατηχηθησαν δε περι σου οτι αποστασιαν διδασκεις απο μωσεως τους κατα τα εθνη παντας ιουδαιους λεγων μη περιτεμνειν αυτους τα τεκνα μηδε τοις εθεσιν περιπατειν
- 22 Sa pou n' fè la a menm? Paske, talè konsa yo pral konnen ou rive isit la.
What then is the position? They will certainly get news that you have come.
τι ουν εστιν παντως δει πληθος συνελθειν ακουσονται γαρ οτι εληλυθας
- 23 Ou pral fè sa nou pral di ou la a: Gen kat moun ki te fè yon ve.
Do this, then, which we say to you: We have four men who have taken an oath;
τουτο ουν ποιησον ο σοι λεγομεν εισιν ημιν ανδρες τεσσαρες ευχην εχοντες εφ εαυτων
- 24 Ou pral avèk yo, wa patisipe ansanm ak yo nan tout sèvis y'ap fè pou mete tèt yo nan kondisyon pou sèvi Bondye ankò. Wa fè tout depans pou yo, pou yo kapab fè kale tèt yo. Konsa, tout moun va konnen tou sa yo t'ap di sou ou a pa t' vre. Okontrè, ou menm pou tèt pa ou, ou toujou ap obeyi Lalwa Moyiz la.
Go with these, and make yourself clean with them, and make the necessary payments for them, so that they may be free from their oath: and everyone will see that the statements made about you are not true, but that you put yourself under rule, and keep the law.
τουτους παραλαβον αγνισθητι συν αυτοις και δαπανησον επ αυτοις ινα ξυρησωνται την κεφαλην και γνωσιν παντες οτι ων κατηχηνται περι σου ουδεν εστιν αλλα στοιχεις και αυτος τον νομον φυλασσω
- 25 Men, pou moun ki pa jwif yo epi ki kwè nan Jezi koulye a, nou deja ekri yo, nou voye di yo sa n' te deside: piga yo manje vyann bèt ki te ofri pou touye bay zidòl, piga yo manje san, ni vyann bèt ki mourì toufe. Egzante tout dezòd lachè.
But as to the Gentiles who have the faith, we sent a letter, giving our decision that they were to keep themselves from offerings made to false gods, and from blood, and from the flesh of animals put to death in ways against the law, and from the evil desires of the body.
περι δε των πεπιστευκοτων εθνων ημεις επεστελαμεν κριναντες μηδεν τοιουτον τηρειν αυτους ει μη φυλασσεσθαι αυτους το τε ειδωλοθυτον και το αιμα και πνικτον και πορνειαν
- 26 Lè sa a, Pòl pran kat mesye yo, epi nan denmen li patisipe avèk yo nan sèvis pou mete yo nan kondisyon pou sèvi Bondye ankò. Apre sa, li al nan tanp lan, li fè konnen ki jou sèvis la va fini, kilè pou yo ofri bèt pou yo touye pou yo chak la.
Then Paul took the men, and on the day after, making himself clean with them, he went into the Temple, giving out the statement that the days necessary for making them clean were complete, till the offering was made for every one of them.
τοτε ο παυλος παραλαβων τους ανδρας τη εχομενη ημερα συν αυτοις αγνισθεις εισηει εις το ιερον διαγγελων την εκπληρωσιν των ημερων του αγνισμου εως ου προσηνεχθη υπερ ενος εκαστου αυτων η προσφορα
- 27 ¶ Sèt jou yo te prèt pou fini lè jwif ki soti nan pwovens Lazi yo wè Pòl nan tanp lan. Yo moute tèt foul moun yo, yo mete men sou li.
And when the seven days were almost ended, the Jews from Asia, seeing him in the Temple, got the people together and put their hands on him,
ως δε εμελλον αι επτα ημεραι συντελεισθαι οι απο της ασιας ιουδαιοι θεασαμενοι αυτον εν τω ιερω συνεχεον παντα τον οχλον και επεβαλον τας χειρας επ αυτον
- 28 Yo t'ap rele: Moun ras Izrayèl yo, pote nou konkou! Men nonm k'ap plede mache toupatou pale mal ak tout moun sou do pèp Izrayèl la, sou do Lalwa Moyiz la, sou do tanp sa a. Koulye a, li penmèt li fè moun ki pa jwif antre nan tanp lan, l'ap lakòz kote nou mete apa pou Bondye a pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye.
Crying out, Men of Israel, come to our help: this is the man who is teaching all men everywhere against the people and the law and this place: and in addition, he has taken Greeks into the Temple, and made this holy place unclean.
κραζοντες ανδρες ισραηλιται βοηθειτε ουτος εστιν ο ανθρωπος ο κατα του λαου και του νομου και του τοπου τουτου παντας πανταχου διδασκων ετι τε και ελληνας εισηγαγεν εις το ιερον και κεκοινω κεν τον αγιον τοπον τουτον
- 29 (Yo t'ap di sa, paske yo te wè Twofim, moun lavil Efèz, ansanm ak Pòl nan lavil la. Yo te konprann Pòl te fè l' antre nan tanp lan tou.)
For they had seen him before in the town with Trophimus of Ephesus, and had the idea that Paul had taken him with him into the Temple.
ησαν γαρ προεωρακοτες τροφιμον τον εφεσιον εν τη πολει συν αυτω ον ενομιζον οτι εις το ιερον εισηγαγεν ο παυλος

- 30 Tout lavil la te tèt anba, moun kouri soti toupatou. Yo mete men sou Pòl. Yo trennen l' deyò, epi lamenm yo fèmen tout pòt tanp lan.
And all the town was moved, and the people came running together and put their hands on Paul, pulling him out of the Temple: and then the doors were shut.
εκινήθη τε η πολις ολη και εγενετο συνδρομη του λαου και επιλαβομενοι του παυλου ειλκον αυτον εξω του ιερου και ευθως εκλεισθησαν αι θυραι
- 31 Yo t'ap chache yon jan pou touye Pòl, lè nouvèl la rive nan zòrèy kòmandan batayon women an. Yo te vin di l' ki jan tout lavil la te tèt anba.
And while they were attempting to put him to death, news came to the chief captain of the band that all Jerusalem was out of control.
ζητούντων δε αυτον αποκτειναι ανεβη φασις τω χιλιαρχω της σπειρης οτι ολη συγκεχυται ιερουσαλημ
- 32 Lamenm li pran kèk ofisyè ak kèk sòlda avèk li, li kouri desann bò kote foul moun yo. Yo menm menm, lè yo wè kòmandan an ak sòlda yo yo sispann bat Pòl.
And straight away he took some armed men and went quickly down to them: and the Jews, seeing them, gave no more blows to Paul.
ος εξ αυτης παραλαβων στρατιωτας και εκατονταρχους κατεδραμεν επ αυτους οι δε ιδοντες τον χιλιαρχον και τους στρατιωτας επαυσαντο τυπτοντες τον παυλον
- 33 Kòmandan an pwoche bò kot Pòl, li fè yo arete l', li bay lòd pou yo mare l' ak de chenn. Lèfini, li mande ki moun li te ye, kisa l' te fè.
Then the chief captain came near and took him, and gave orders for him to be put in chains, questioning them as to who he was and what he had done.
τοτε εγγισας ο χιλιαρχος επελαβετο αυτου και εκελευσεν δεθηναι αλυσειν δυσειν και επυθανετο τις αν ειη και τι εστιν πεποιηκως
- 34 Men, nan foul moun yo, yon pati t'ap rele yon bagay, yon lòt pati t'ap rele yon lòt bagay. Sitèlman yo t'ap fè dezòd, kòmandan an pa t' kapab fin konprann sa yo t'ap di a. Lè l' wè sa, li bay lòd pou yo mennen Pòl nan kazèn lan.
And some said one thing and some another, among the people: and as he was not able to get a knowledge of the facts because of the noise, he gave orders for Paul to be taken into the army building.
αλλοι δε αλλο τι εβουον εν τω οχλω μη δυναμενος δε γνωναι το ασφαλεις δια τον θορυβον εκελευσεν αγεσθαι αυτον εις την παρεμβολην
- 35 Lè sòlda yo rive bò eskalye a avèk Pòl, yo te blije leve l' anlè pou yo te sa pase avè l', sitèlman moun yo te ankòlè.
And when he came on to the steps, he was lifted up by the armed men, because of the force of the people;
οτε δε εγενετο επι τους αναβαθμους συνεβη βασταζεσθαι αυτον υπο των στρατιωτων δια την βιαν του οχλου
- 36 Yo tout yo t'ap swiv li, yo t'ap rele: Touye li.
For a great mass of people came after them, crying out, Away with him!
ηκολουθει γαρ το πληθος του λαου κραζον αιρε αυτον
- 37 Yo tapral fè Pòl antre nan kazèn lan, lè Pòl di kòmandan an: Eske mwen ka di ou kichòy? Kòmandan an mande li: Kouman? Apa ou pale grèk?
And when Paul was about to be taken into the building, he said to the chief captain, May I say something to you? And he said, Have you a knowledge of Greek?
μελλον τε εισαγεσθαι εις την παρεμβολην ο παυλος λεγει τω χιλιαρχω ει εξεστιν μοι ειπειν τι προς σε ο δε εφη ελληνιστι γινωσκεις
- 38 Si se sa, se pa ou menm ki ejiptsyen an, nonm ki te kòmanse yon revolisyon tou lòt jou a epi ki te mennen katmil (4.000) bandi avè l' nan dezè a?
Are you by chance the Egyptian who, before this, got the people worked up against the government and took four thousand men of the Assassins out into the waste land?
ουκ αρα συ ει ο αιγυπτιος ο προ τουτων των ημερων αναστατωσας και εξαγαγων εις την ερημον τους τετρακιςχιλιους ανδρας των σικαριων
- 39 Pòl reponn li: Se jwif mwen ye. Mwen fèt lavil Tas nan peyi Silisi. Ou wè se sitwayen yon gwo lavil mwen ye. Tanpri, kite m' pale ak pèp la.
But Paul said, I am a Jew of Tarsus in Cilicia, which is not an unimportant town: I make a request to you to let me say a word to the people.
ειπεν δε ο παυλος εγω ανθρωπος μεν ειμι ιουδαιος ταρσευς της κιλικιας ουκ ασημου πολεως πολιτης δεομαι δε σου επιτρεψον μοι λαλησαι προς τον λαον
- 40 Kòmandan an ba l' pèmisyon. Lè sa a, Pòl kanpe sou eskalye a, li fè pèp la yon siy avèk men li. Lè yo sispann fè bri, Pòl pale ak yo nan lang ebre. Li di yo konsa:
And when he let him do so, Paul, from the steps, made a sign with his hand to the people, and when they were all quiet, he said to them in the Hebrew language,
επιτρεψαντος δε αυτου ο παυλος εστως επι των αναβαθμων κατεσεισεν τη χειρι τω λαω πολλης δε σιγης γενομενης προσεφωνησεν τη εβραϊδι διαλεκτω λεγων
- 1 ¶ Frèm yo, grandèt mwen yo, koute sa m' pral di nou koulye a pou defann tèt mwen.
My brothers and fathers, give ear to the story of my life which I now put before you.
ανδρες αδελφοι και πατερες ακουσατε μου της προς υμας νυν απολογιας
- 2 Lè yo tande l' ap pale ebre, yo rete byen dousman. Epi Pòl di yo:
And, hearing him talking in the Hebrew language, they became the more quiet, and he said,
ακουσαντες δε οτι τη εβραϊδι διαλεκτω προσεφωνει αυτοις μαλλον παρεσχον ησυχιαν και φησιν

- 3 ¶ Se jwif mwen ye. Mwen fèt lavil Tas nan peyi Silisi. Men, se isit lavil Jerizalèm mwen grandi. Se Gamalyèl ki te pwofesè mwen. Se li menm ki te moutre m' tout ti detay nan Lalwa zansèt nou yo. Mwen menm tou, yon lè mwen te gen zèl nou gen koulye a pou Bondye.
I am a Jew of Tarsus in Cilicia by birth, but I had my education in this town at the feet of Gamaliel, being trained in the keeping of every detail of the law of our fathers; given up to the cause of God with all my heart, as you are today.
εγω μεν ειμι ανηρ ιουδαιος γεγεννημενος εν ταρσω της κιλικιας ανατεθραμμενος δε εν τη πολει ταυτη παρα τους ποδας γαμαλιηλ πεπαιδευμενος κατα ακριβειαν του πατρωου νομου ζηλωτης υπαρχων του θεου καθως παντες υμεις εστε σημερον
- 4 Mwen te pèsekite moun ki t'ap swiv chemen Bondye a jouk pou m' te touye yo. Fanm kou gason, mwen te arete tout moun mete nan prizon.
And I made attacks on this Way, even to death, taking men and women and putting them in prison.
ος ταυτην την οδον εδιωξα αχρι θανατου δεσμευων και παραδιδους εις φυλακας ανδρας τε και γυναικας
- 5 Granprèt la ak chèf fanmi yo ki reyini la a, yo ka sètifye sa m'ap di la a se vre. Se yo menm menm ki te ban m' lèt otorizasyon pou frè jwif lavil Damas yo. Mwen tapral arete mezi disip ki te la, mennen yo Jerizalèm pou fè regle yo.
Of which the high priest will be a witness, and all the rulers, from whom I had letters to the brothers; and I went into Damascus, to take those who were there as prisoners to Jerusalem for punishment.
ως και ο αρχιερευς μαρτυρει μοι και παν το πρεσβυτεριον παρων και επιστολας δεξαμενος προς τους αδελφους εις δαμασκον επορευομην αξων και τους εκεισε οντας δεδεμενους εις ιερουσαλημ ινα τιμωρηθωσιν
- 6 Mwen te sou wout la toupres Damas, lè m' rete konsa yon gwo limyè soti nan syèl la, li klere tout kote m' te ye a. Lè sa a, li te bò midi konsa.
And it came about that while I was on my journey, coming near to Damascus, about the middle of the day, suddenly I saw a great light from heaven shining round me.
εγενετο δε μοι πορευομενω και εγγιζοντι τη δαμασκω περι μεσημβριαν εξαιφνης εκ του ουρανου περιστραψαι φως ικανον περι εμε
- 7 Mwen tonbe atè, epi m' tande yon vwa ki di m': Sòl, Sòl, poukisa w'ap pèsekite mwen konsa?
And when I went down on the earth, a voice came to my ears saying to me, Saul, Saul, why are you attacking me so cruelly?
επεσον τε εις το εδαφος και ηκουσα φωνης λεγουσης μοι σαουλ σαουλ τι με διωκεις
- 8 Mwen mande: Ki moun ou ye, Seyè? Epi li di mwen: Mwen se Jezi, moun Nazarèt, w'ap pèsekite a.
εγω δε ειπον τις ει κυριε ο δε ειπεν εγω ειμι ιησους ον συ διωκεις
- 16 Men, leve kanpe sou pye ou. Mwen fè ou wè m', se pou ou kapab sèvi mwen. Wi, ou pral sèvi m' temwen, ou pral di lòt moun yo jan ou te wè m' jòdi a epi wa fè yo konnen tou sa m'a fè ou wè apre sa.
But get up on your feet: for I have come to you for this purpose, to make you a servant and a witness of the things in which you have seen me, and of those in which you will see me;
αλλα αναστηθι και στηθι επι τους ποδας σου εις τουτο γαρ ωφθην σοι προχειρισσθαι σε υπηρετην και μαρτυρα ων τε ειδες ων τε οφθησομαι σοι
- 17 M'a delivre ou anba men pèp jwif yo, anba men moun lòt nasyon yo. Se mwen menm k'ap voye ou ba yo,
And I will keep you safe from the people, and from the Gentiles, to whom I send you,
εξαιρουμενος σε εκ του λαου και των εθνων εις ους νυν σε αποστελλω
- 18 pou ou kapab louvri je yo, pou fè yo soti nan fènwa kote yo ye a vin nan limyè, pou wete yo anba pouvwa Satan vin jwenn Bondye. Konsa, lè y'a mete konfyans yo nan mwen, y'a resevwa padon pou tout peche yo, y'a jwenn plas yo nan mitan pèp k'ap viv apa pou Bondye a.
To make their eyes open, turning them from the dark to the light, and from the power of Satan to God, so that they may have forgiveness of sins and a heritage among those who are made holy by faith in me.
ανοιξει οφθαλμους αυτων του επιστρεψαι απο σκοτους εις φως και της εξουσιας του σατανα επι τον θεον του λαβειν αυτους αφεσιν αμαρτιων και κληρον εν τοις ηγιασμενοις πιστει τη εις εμε
- 19 Se konsa, wa Agripa, mwen pa dezobèyi vizyon ki te soti nan syèl la vin jwenn mwen.
So, then, King Agrippa, I did not go against the vision from heaven;
οθεν βασιλευ αγριππα ουκ εγενομην απειθης τη ουρανω οπτασια
- 20 Mwen kòmanse bay moun nan lavil Damas ak nan Jerizalèm mesaj la. Apre sa, m' ale nan tout peyi Jide ak nan mitan moun lòt nasyon yo. Mwen t'ap mande yo pou yo chanje lavi yo, pou yo toumen vin jwenn Bondye, pou yo fè bagay ki pou fè wè yo chanje tout bon.
But I went about, first to those in Damascus and Jerusalem, and through all the country of Judaea, and then to the Gentiles, preaching a change of heart, so that they, being turned to God, might give, in their works, the fruits of a changed heart.
αλλα τοις εν δαμασκω πρωτον και ιεροσολυμοις εις πασαν τε την χωραν της ιουδαιας και τοις εθνεσιν απαγγελων μετανοειν και επιστρεφειν επι τον θεον αζια της μετανοιας εργα πρασσοντας
- 21 Se poutèt sa wi jwif yo mete men sou mwen nan tanp lan, se poutèt sa yo t'ap seye touye mwen.
For this reason, the Jews took me in the Temple, and made an attempt to put me to death.
ενεκα τουτων με οι ιουδαιοι συλλαβομενοι εν τω ιερω επειρωντο διαχειρισσθαι
- 22 Mentou, Bondye toujou pwoteje m' jouk jòdi a. Mwen la toujou pou m' sèvi l' temwen devan tout moun, grannèg kou malere. Sa ou wè m'ap di la a, se sa menm pwofèt yo ansanm ak Moyiz te di gen pou rive.
And so, by God's help, I am here today, witnessing to small and great, saying nothing but what the prophets and Moses said would come about;
επικουριας ουν τυχων της παρα του θεου αχρι της ημερας ταυτης εστηκα μαρτυρουμενος μικρω τε και μεγαλω ουδεν εκτος λεγων ων τε οι προφηται ελαλησαν μελλοντων γινεσθαι και μοσης
- 23 Kris la te gen pou l' souffri. Se li menm ki an premye gen pou l' leve soti vivan nan lanmò pou l' fè pèp Izrayèl la ansanm ak tout lòt nasyon yo konnen limyè k'ap delivre yo a.
That the Christ would go through pain, and being the first to come back from the dead, would give light to the people and to the Gentiles.
ει παθητος ο χριστος ει πρωτος εξ αναστασεως νεκρων φως μελλει καταγγελλειν τω λαω και τοις εθνεσιν

- 24 ¶ Antan Pòl t'ap pale konsa pou defann tèt li, Festis rele byen fò: Ou fou, Pòl! Twòp lespri fè ou pèdi tèt ou.
And when he made his answer in these words, Festus said in a loud voice, Paul, you are off your head; your great learning has made you unbalanced.
ταυτα δε αυτου απολογουμενου ο φηστος μεγαλη τη φωνη εφη μαινη παυλε τα πολλα σε γραμματα εις μανιαν περιτρεπει
- 25 Pòl reponn li: Mwen pa fou non, ekselans. Tout pawòl mwen di la a se verite a tou klè, epi yo gen sans.
Then Paul said, I am not off my head, most noble Festus, but my words are true and wise.
ο δε ου μαινομαι φησιν κρατιστε φηστε αλλ αληθειας και σοφοροσυνης ρηματα αποφθεγγομαι
- 26 Wa Agripa konn tout bagay sa yo. Se poutèt sa mwen pa pè pale devan li. Mwen sèten li konnen tout bagay sa yo, paske pa gen okenn ladan yo mwen te fè an kachèt.
For the king has knowledge of these things, to whom I am talking freely; being certain that all this is common knowledge to him; for it has not been done in secret.
επισταται γαρ περι τούτων ο βασιλευς προς ον και παρρησιαζομενος λαλω λανθανειν γαρ αυτον τι τούτων ου πειθομαι ουδεν ου γαρ εστιν εν γωνια πεπραγμαενον τούτο
- 27 Wa Agripa, èske ou pa kwè sa pwofèt yo di? Mwen konnen ou kwè.
King Agrippa, have you faith in the prophets? I am certain that you have.
πιστευεις βασιλευ αγριππα τοις προφηταις οίδα οτι πιστευεις
- 28 Agripa di Pòl: Talè konsa ou pral pran tèt mwen tou pou fè m' kreyen?
And Agrippa said to Paul, A little more and you will be making me a Christian.
ο δε αγριππας προς τον παυλον εφη εν ολιγω με πειθεις χριστιανον γενεσθαι
- 29 Pòl reponn li: Kit koulye a, kit pita, m'ap lapriyè Bondye ni pou ou ni pou nou tout k'ap koute m' jòdi a pou yon lè konsa nou vin tankou m', wetan chenn sa yo!
And Paul said, It is my prayer to God that, in little or great measure, not only you, but all those hearing me today might be even as I am, but for these chains.
ο δε παυλος ειπεν ευξαιμην αν τω θεω και εν ολιγω και εν πολλω ου μονον σε αλλα και παντας τους ακουοντας μου σημερον γενεσθαι τοιουτους οποιος καγω εμι παρεκτος των δεσμων τούτων
- 30 Wa a, gwouvènè a, Berenis ansanm ak tout moun ki te la yo leve.
And the king and the ruler and Bernice and those who were seated with them got up;
και ταυτα ειποντος αυτου ανεστη ο βασιλευς και ο ηγεμων η τε βερνικη και οι συγκαθημενοι αυτοις
- 31 Apre yo fin ale, yonn t'ap di lòt: Nonm sa a pa fè anyen ki merite prizon, ale wè lanmò.
And when they had gone away they said to one another, This man has done nothing which might give cause for death or prison.
και αναχωρησαντες ελαλουν προς αλληλους λεγοντες οτι ουδεν θανατου αξιον η δεσμων πρασσει ο ανθρωπος ουτος
- 32 Agripa di Festis konsa: Si nonm sa a pa t' mande pou Seza tandè l', ou ta ka lage l' wi.
And Agrippa said to Festus, This man might have been made free, if he had not put his cause before Caesar.
αγριππας δε τω φηστω εφη απολελυσθαι εδυνατο ο ανθρωπος ουτος ει μη επεκεκλητο καισαρα
- 1 ¶ Lè yo decide pou fè n' pati nan batiman pou peyi Itali, yo renmèt Pòl ansanm ak kèk lòt prizonnye nan men Jiliyis, kòmandan yon batayon lame Wòm lan yo te rele Batayon Seza.
And when the decision had been made that we were to go by sea to Italy, they gave Paul and certain other prisoners into the care of a captain named Julius, of the Augustan band.
ως δε εκριθη του αποπλειν ημας εις την ιταλιαν παρεδιδουν τον τε παυλον και τινας ετερους δεσμωτας εκατονταρχη ονοματι ιουλιω σπειρης σεβαστης
- 2 Nou anbake sou yon batiman ki te soti lavil Adramitum ki tapral fè lakòt nan Lazi. Epi nou pati. Aristak, yon moun lavil Tesalonik nan peyi Masedwan, te avèk nou.
And we went to sea in a ship of Adramyttium which was sailing to the sea towns of Asia, Aristarchus, a Macedonian of Thessalonica, being with us.
επιβαντες δε πλοιω αδραμυττηνω μελλοντες πλειν τους κατα την ασιαν τοπους ανηχθημεν οντος συν ημιν αρισταρχου μακεδονος θεσσαλονικεως
- 3 Nan denmen nou rive lavil Sidon. Jiliyis te boule byen ak Pòl, li te ba l' pèmision pou li al wè zanmi l' yo pou li al chache sa l' te bezwen.
And on the day after, we came to Sidon; and Julius was kind to Paul, and let him go to see his friends and take a rest.
τη τε ετερα κατηχθημεν εις σιδωνα φιλανθρωπως τε ο ιουλιος τω παυλω χρησαμενος επετρεψεν προς φιλους πορευθεντα επιμελειας τυχειν
- 4 Apre nou kite Sidon, nou pase sou bò dwat lil Chip, nou lonje kòt la sou anwo, paske van an te kontrè pou nou lòt bò a.
And sailing again from there, we went on under cover of Cyprus, because the wind was against us.
κακειθεν αναχθεντες υπεπλευσαμεν την κυπρον δια το τους ανεμους ειναι εναντιους
- 5 Nou travèse lanmè a devan Silisi ak Panfili, nou rive lavil Mira nan Lisi.
And having gone across the sea off Cilicia and Pamphylia we came to Myra, in Lycia.
το τε πελαγος το κατα την κικλιαν και παμφυλιαν διαπλευσαντες κατηλθομεν εις μυρα της λυκιας

- 6 Antan nou la, kòmandan an jwenn yon batiman ki te soti lavil Aleksandri tapral an Itali. Li fè nou anbake sou li.
And there the captain came across a ship of Alexandria, sailing for Italy, and put us in it.
 κακει ευρων ο εκατονταρχος πλοιον αλεξανδρινον πλεον εις την ιταλιαν ενεβιβασεν ημας εις αυτο
- 7 Pandan plizyè jou nou vwayaje ti pa ti pa. Se pa ti traka anvan nou te ka rive devan lavil Nid. Van an pa t' ban nou chans pou n' al pi lwen nan k'ap sa a. Nou te blije desann, pase devan k'ap Salmone, vire anba lil Krèt.
And when we had gone on slowly for a long time, and had had hard work getting across to Cnidus, for the wind was against us, we went under cover of Crete, in the direction of Salmone;
 εν ικαναις δε ημεραις βραδυπλουυντες και μολις γενομενοι κατα την κνιδον μη προσεωτος ημας του ανεμου υπεπλευσαμεν την κρητην κατα σαλμωνη
- 8 Nou lonje kòt la avèk anpil traka jouk nou rive yon kote yo rele Bon Pò, toupre lavil Laze.
And sailing down the side of it, as well as we were able, we came to a certain place named Fair Havens, near which was the town of Lasea.
 μολις τε παραλεγομενοι αυτην ηλθομεν εις τοπον τινα καλουμενον καλους λιμενας ω εγγυς ην πολις λασαια
- 9 Nou te deja pèdi anpil tan, jou pou jwif yo te fè jèn yo te deja pase. Lè sa a se te gwo danje pou moun vwayaje.
And as a long time had gone by, and the journey was now full of danger, because it was late in the year, Paul put the position before them,
 ικανου δε χρονου διαγενομενου και οντος ηδη επισφαλους του πλοος δια το και την νηστειαν ηδη παρεληλυθεναι παρηγει ο παυλος
- 10 Se poutèt sa Pòl ba yo konsèy sa a: Mesye, mwen wè vwayaj la pral gen gwo danje ladan li: n'ap pèdi chay la ansanm ak batiman an. Ata moun ka mouri tou.
Saying, Friends, I see that this journey will be one of great damage and loss, not only to the goods and the ship, but to ourselves.
 λεγων αυτοις ανδρες θεωρω οτι μετα υβρεως και πολλης ζημιας ου μονον του φορτου και του πλοιου αλλα και των ψυχων ημων μελλειν εσεσθαι τον πλουν
- 11 Men, kòmandan women an te gen plis konfyans nan pawòl kaptenn lan ak amatè batiman an pase nan pawòl Pòl.
But the captain gave more attention to the master and the owner of the ship than to what Paul said.
 ο δε εκατονταρχος τω κυβερνητη και τω ναυκληρω επειθετο μαλλον η τοις υπο του παυλου λεγομενοις
- 12 ¶ Pò a pa t' bon pou yo te rete pase sezon freda a tou: se poutèt sa pifò moun ki te abò a te vle pati. Yo t'ap pran chans rive Finiks, yon lòt pò nan lil Krèt la ki bay sou lannmè nan direksyon siwa nòwa. Konsa, yo ta ka pase sezon freda a la.
And as the harbour was not a good one in which to be for the winter, the greater number of them were for going out to sea, in order, if possible, to put in for the winter at Phoenix, a harbour of Crete, looking to the north-east and south-east.
 ανευθετου δε του λιμενος υπαρχοντος προς παραχειμασιαν οι πλειους εθεντο βουλην αναχθηναι κακειθεν ειπως δυναιντο κατανησαντες εις φοινικα παραχειμασαι λιμενα της κρητης βλεποντα κατα λ ιβα και κατα χωρον
- 13 Lè yo wè yon ti van swèt leve, yo te kwè yo te kapab rive Finiks. Yo leve lank, yo pran lonje kòt lil la.
And when the south wind came softly, being of the opinion that their purpose might be effected, they let the ship go and went sailing down the side of Crete, very near to the land.
 υποπνευσαντος δε νοτου δοξαστες της προθεσεως κεκρατηκεναι αραντες ασσον παρελεγοντο την κρητην
- 14 Men, yon lòt moman, yon gwo van yo rele nòde desann soti nan mòn lil la.
But after a little time, a very violent wind, named Euraquilo, came down from it with great force.
 μετ ου πολυ δε εβαλεν κατ αυτης ανεμος τυφονικος ο καλουμενος ευροκλυδων
- 15 Li pran trennen batiman an. pa t' gen mwayen kenbe tèt ak li. Nou te blije kite l' pote n' ale.
And when the ship got into the grip of it, and was not able to make headway into the wind, we gave way, and went before it.
 συναρπασθεντος δε του πλοιου και μη δυναμενου αντοφθαλμειν τω ανεμω επιδοντες εφερομεθα
- 16 Nou pase bò anba yon ti zile yo rele Kloda. La, nou pran yon ti souf. Se pa ti traka anvan nou resi sove ti kannòt bò a.
And, sailing near the side of a small island named Cauda, we were able, though it was hard work, to make the ship's boat safe:
 νησιον δε τι υποδραμοντες καλουμενον κλαυδην μολις ισχυσαμεν περικραταις γενεσθαι της σκαφης
- 17 Yo rale l' moute abò. Apre sa, yo pran mare kèk kòd, yo sentre batiman an byen sentre. Yo te pè tou pou batiman an pa t' al chwe sou yon fon plat ki nan mitan lannmè a devan peyi Libi. Yo desann vwal yo. Se konsa nou kite van an bwote nou.
And having got it up, they put cords under and round the ship; but fearing that they might be pushed on to the Syrtis, they let down the sails and so went running before the wind.
 ην αραντες βοηθειαις εχρωντο υποζωννυτες το πλοιον φοβουμενοι τε μη εις την συρτιν εκπεσωσιν χαλασαντες το σκευος ουτως εφεροντο
- 18 Gwo van an t'ap bat nou pi rèd. Nan denmen, nou te blije jete chay yo nan dlo.
And, still fighting the storm with all our strength, the day after they made a start at getting the goods out of the ship;
 σφοδρος δε χειμαζομενων ημων τη εξης εκβολην εποιουνο

- 19 Nan denmen ankò, marin yo voye tout aparèj batiman an jete nan dlo ak pwòp men yo.
 And on the third day, they let all the sailing apparatus go over the side.
 και τη τρίτη αυτοχειρες την σκευην του πλοιου ερριψαμεν
- 20 Pandan plizyè jou nou pa wè ni solèy, ni zetwal. Van an menm t'ap souffle byen fò toujou. Lè n' wè sa, nou pèdi tout espwa sove.
 And as we had not seen the sun or stars for a long time, and a great storm was on us, all hope of salvation was gone.
 μητε δε ηλιου μητε αστρων επιφαινοντων επι πλειονας ημερας χειμωνος τε ουκ ολιγου επικειμενου λοιπον περιηρειτο πασα ελπις του σωζεσθαι ημας
- 21 ¶ Moun ki te abò yo pa t' manje anyen depi lontan. Pòl kanpe devan yo, li di yo konsa: Mesye, nou te dwe koute mwen. Nou pa t' dwe soti kite Krèt. Nou ta egzante tout danje sa yo ak tout pèt sa yo.
 And when they had been without food for a long time, Paul got up among them and said, Friends, it would have been better if you had given attention to me and not gone sailing out from Crete, to undergo this damage and loss.
 πολλης δε αιτιας υπαρχουσης τοτε σταθεις ο παυλος εν μεσω αυτων ειπεν εδει μεν ω ανδρες πειθαρχησαντας μοι μη αναγεσθαι απο της κρητης κερδησαι τε την υβριν ταυτην και την ζημιαν
- 22 Men, koulye a, m'ap di nou pran kouraj. Pesonn p'ap mourì. Se batiman an ase k'ap pèdi.
 But now, I say to you, be of good heart, for there will be no loss of life, but only of the ship.
 και τανυν παραινω ημας ευθυμειν αποβολη γαρ ψυχης ουδεμια εσται εξ υμων πλην του πλοιου
- 23 Yè oswa, Bondye m'ap sèvi a, li menm ki mèt mwen, li voye yon zanj li bò kote m',
 For this night there came to my side an angel of the God who is my Master and whose servant I am,
 παρεστη γαρ μοι τη νυκτι ταυτη αγγελος του θεου ου ειμι ω και λατρευω
- 24 Li di mwen: Pa pè, Pòl. Fòk ou konparèt devan Seza. Epi Bondye fè favè sa a pou ou: li ba ou lavi tout moun k'ap vwayaje ansanm avèk ou yo.
 Saying, Have no fear, Paul, for you will come before Caesar, and God has given to you all those who are sailing with you.
 λεγων μη φοβου παυλε καισαρι σε δει παραστηναι και ιδου κεχαρισται σοι ο θεος παντας τους πλεοντας μετα σου
- 25 Se poutèt sa, mesye, pran kouraj. Mwen gen konfyans nan Bondye. Sa gen pou l' rive jan li di m' lan.
 And so, O men, be of good heart, for I have faith in God that it will be as he said to me.
 διο ευθυμειτε ανδρες πιστευω γαρ τω θεω οτι ουτως εσται καθ ον τροπον λελαληται μοι
- 26 Men, nou pral chwe sou yon zile.
 But we will be sent on to a certain island.
 εις νησον δε τινα δει ημας εκπεσειν
- 27 Sa te fè katòz nwit deja. Van an t'ap bwote nou toujou sou lanmè Mediterane a. Vè menwi konsa, marin yo vin santi nou t'ap pwoche bò yon tè.
 But when the fourteenth day came, while we were going here and there in the Adriatic sea, about the middle of the night the sailors had an idea that they were getting near land;
 ως δε τεσσαρεσκαίδεκατη νυξ εγενετο διαφορομενων ημων εν τω αδρια κατα μεσον της νυκτος υπενουουν οι ναυται προσαγειν τινα αυτοις χωραν
- 28 Yo mare yon sonn nan yon liy, yo lage l' nan fon. Yo jwenn dlo a te gen vin bras. Pi devan ankò yo lage liy lan, yo jwenn kenz bras ase.
 And they let down the lead, and saw that the sea was a hundred and twenty feet deep; and after a little time they did it again and it was ninety feet.
 και βολισαντες ευρον οργυιας εικοσι βραχυ δε διαστησαντες και παλιν βολισαντες ευρον οργυιας δεκαπεντε
- 29 Yo te pè pou batiman an pa moute sou resif. Yo lage kat lank nan dèyè batiman an. Yo t'ap tann solèy la leve.
 Then, fearing that by chance we might come on to the rocks, they let down four hooks from the back of the ship, and made prayers for the coming of day.
 φοβουμενοι τε μηπως εις τραχεις τοπους εκπεσωσιν εκ πρυμνης ριψαντες αγκυρας τεσσαρας ηυχοντο ημεραν γενεσθαι
- 30 Marin yo menm t'ap chache chape kò yo. Yo desann ti kannòt bò a nan dlo, yo pran pretès yo tapral mare kèk lank devan batiman an.
 Then the sailors made attempts secretly to get away from the ship, letting down a boat as if they were about to put down hooks from the front of the ship;
 των δε ναυτων ζητουτων φυγειν εκ του πλοιου και χαλασαντων την σκαφην εις την θαλασσαν προφασει ως εκ προωρας μελλοντων αγκυρας εκτεινειν
- 31 Men, Pòl di kòmandan women an ak sòlda yo: Si moun sa yo pa rete nan batiman an, nou yonn p'ap sove.
 But Paul said to the captain and his men, If you do not keep these men in the ship, you will not be safe.
 ειπεν ο παυλος τω εκατονταρχη και τοις στρατιωταις εαν μη ουτοι μεινωσιν εν τω πλοιω υμεις σωθηναι ου δυνασθε
- 32 Lè sa a, sòlda yo koupe kòd ki te mare ti kannòt bò a, yo kite l' ale.
 Then the armed men, cutting the cords of the boat, let her go.
 τοτε οι στρατιωται απεκοψαν τα σχοινια της σκαφης και ειασαν αυτην εκπεσειν

- 33 Anvan solèy leve, Pòl mande tout moun pou yo manje yon ti manje. Li di yo: Mezanmi, jòdi a fè katòz jou depi nou rete la san manje, n'ap tann.
And when dawn was near, Paul gave them all orders to take food, saying, This is the fourteenth day you have been waiting and taking no food.
αχρι δε ου εμελλεν ημερα γινεσθαι παρακαλει ο παυλος απαντας μεταλαβειν τροφης λεγων τεσσαρεσκαιδεκατην σημερον ημεραν προσδοκοντες ασιτοι διατελειτε μηδεν προσλαβομενοι
- 34 Tanpri, koulye a, mete kichòy nan vant nou. N'a byen bezwen l' pou nou sove. Ata yon branch cheve nou p'ap pèdi.
So I make request to you to take food; for this is for your salvation: not a hair from the head of any of you will come to destruction.
διο παρακαλω υμας προσλαβειν τροφης τουτου γαρ προς της υμετερας σωτηριας υπαρχει ουδενος γαρ υμων θριξ εκ της κεφαλης πεσειται
- 35 Lè li fin di sa, Pòl pran pen, li di Bondye mèsi devan yo tout, li kase pen an, epi l' kòmanse manje.
And when he had said this and had taken bread, he gave praise to God before them all, and took a meal of the broken bread.
ειπων δε ταυτα και λαβων αρτον ευχαριστησεν τω θεω ενωπιον παντων και κλασας ηρξατο εσθιειν
- 36 Tout moun reprann kouraj; yo menm tou yo manje.
Then they all took heart and did the same.
ευθυμοι δε γενομενοι παντες και αυτοι προσελαβοντο τροφης
- 37 Te gen desanswasanssèz (276) moun antou abò batiman an.
And we were, in the ship, two hundred and seventy-six persons.
ημεν δε εν τω πλοιω αι πασαι ψυχαι διακοσαι εβδομηκονταεξ
- 38 Lè yo fin manje kont yo, yo jete rèss ble a nan lanmè pou delestè batiman an.
And when they had had enough food, they made the weight of the ship less, turning the grain out into the sea.
κορεσθεντες δε τροφης εκουφιζον το πλοιον εκβαλλομενοι τον σιτον εις την θαλασσαν
- 39 Lè solèy leve, marin yo pa t' rekonèt tè a. Men, yo wè yon lans ak yon bèl plaj. Yo fè lide pran chans ale fè tè la.
And when it was day, they had no knowledge of the land, but they saw an inlet of the sea with a floor of sand, and they had the idea of driving the ship up on to it if possible.
οτε δε ημερα εγενετο την γην ουκ επεγινωσκον κολπον δε τινα κατενοουον εχοντα αιγιαλον εις ον εβουλευσαντο ει δυναιντο εξωσαι το πλοιον
- 40 Yo demare lank yo, yo lage yo nan lanmè. Yo demare kòd ki te kenbe zaviwon ki te sèvi yo gouvènay la. Yo moute fòk la pou van an pouse batiman an tou dwat devan yo. Yo mete k'ap sou plaj la.
So cutting away the hooks, and letting them go into the sea, and freeing the cords of the guiding-blades, and lifting up the sail to the wind, they went in the direction of the inlet.
και τας αγκυρας περιελοντες ειων εις την θαλασσαν αμα ανεντες τας ζευκτηριας των πηδαλιων και επαραντες τον αρτεμονα τη πνευση κατειχον εις τον αιγιαλον
- 41 Men, batiman an moute sou yon ban sab nan mitan de kouran, li chwe. Devan batiman an te antre kole nan sab la, dèyè a menm gwo lanm yo t'ap fin kraze li.
And coming to a point between two seas, they got the ship to land; and the front part was fixed in the sand and not able to be moved, but the back part was broken by the force of the waves.
περιπεσοντες δε εις τοπον διθαλασσον επωκειλαν την ναυν και η μεν προρα ερεισασα εμεινεν ασαλευτος η δε πρυμνα ελυετο υπο της βιας των κυματων
- 42 Sòlda yo te vle touye prizonnye yo pou okenn ladan yo pa t' naje sove.
Then the armed men were for putting the prisoners to death, so that no one would get away by swimming.
των δε στρατιωτων βουλη εγενετο ινα τους δεσμοτας αποκτεινωσιν μητις εκκολυμβησας διαφυγοι
- 43 Men, kòmandan women an ki te vle sove Pòl di yo non pa fè sa. Li bay lòd pou tout moun ki konn naje jete kò yo nan dlo anvan pou y' al atè.
But the captain, desiring to keep Paul safe, kept them from their purpose, and gave orders that those who had knowledge of swimming were to go off the ship and get first to land:
ο δε εκατονταρχος βουλομενος διασωσαι τον παυλον εκωλυσεν αυτους του βουληματος εκελευσεν τε τους δυναμενους κολυμβαν απορριψαντας πρωτους επι την γην εξιεναι
- 44 Lèt moun yo va swiv apre, y'a kenbe kèk planch osinon kèk moso nan batiman an. Se konsa nou tout nou rive atè anbyen, san lòt donmaj ni malè.
And the rest, some on boards and some on things from the ship. And so it came about that they all got safe to land.
και τους λοιπους ους μεν επι σανισιν ους δε επι τινων των απο του πλοιου και οτως εγενετο παντας διασωθηναι επι την γην
- 1 ¶ Se lè nou fin sove, nou vin konnen lil la te rele Malt.
And when we were safe, we made the discovery that the island was named Melita.
και διασωθεντες τοτε επεγνωσαν οτι μελιτη η νησος καλειται
- 2 Moun peyi a te aji byen anpil avèk nou. Lapli t'ap tonbe, te fè frèt anpil. Yo limen yon gwo boukan pou resevwa nou.
And the simple people living there were uncommonly kind to us, for they made a fire for us, and took us in, because it was raining and cold.
οι δε βαρβαροι παρειχον ου την τυχουσαν φιλανθρωπιαν ημιν αναψαντες γαρ πυραν προσελαβοντο παντας ημας δια τον υετον τον εφεστωτα και δια το ψυχος

- 3 Pòl te ranmase yon ti pakèt fachin, li t'ap mete l' nan dife a lè yon sèpan soti nan chalè dife a, li vlope nan men li.
But when Paul had got some sticks together and put them on the fire, a snake came out, because of the heat, and gave him a bite on the hand.
συστρεψαντος δε του παυλου φρυγανων πληθος και επιθεντος επι την πυραν εχιδνα εκ της θερμης εξελθουσα καθηψεν της χειρος αυτου
- 4 Lè moun zile yo wè sèpan an pandye nan men Pòl, yonn t'ap di lòt: Gen lè nonm sa a se yon ansasen. Li chape nan nofraj la, epi men jistis Bondye ap pousib li toujou.
And when the people saw it hanging on his hand, they said to one another, Without doubt this man has put someone to death, and though he has got safely away from the sea, God will not let him go on living.
ως δε ειδον οι βαρβαροι κρεμαμενον το θηριον εκ της χειρος αυτου ελεγον προς αλληλους παντως φονευς εστιν ο ανθρωπος ουτος ον διασωθεντα εκ της θαλασσης η δικη ζην ουκ ειασεν
- 5 Pòl annik souke men l', epi bèt la tonbe nan dife a. Li pa t' santi anyen ankò.
But shaking off the beast into the fire, he got no damage.
ο μεν ουν αποτιναζας το θηριον εις το πυρ επαθεν ουδεν κακον
- 6 Lòt moun yo menm t'ap tann pou yo wè Pòl vin anfle osinon pou l' tonbe mouri frèt. Moun yo tann, yo tann. Lè yo wè anyen pa rive l', yo chanje lide, yo di: Nonm sa a, se yon bondye.
But they had the idea that they would see him becoming ill, or suddenly falling down dead; but after waiting a long time, and seeing that no damage came to him, changing their opinion, they said he was a god.
οι δε προσεδοκον αυτον μελλειν πιμπρασθαι η καταπιπτειν αφνω νεκρον επι πολυ δε αυτων προσδοκωντων και θεωρουντων μηδεν αποπον εις αυτον γινομενον μεταβαλλομενοι ελεγον θεον αυτον εν αι
- 7 Toupre bò la, te gen yon bitasyon ki te pou Pibliyis, pi grannèg nan lil la. Li resevwa nou ak kè kontan. Nou fè ladesant lakay li pandan twa jou.
Now near that place there was some land, the property of the chief man of the island, who was named Publius; who very kindly took us into his house as his guests for three days.
εν δε τοις περι τον τοπον εκεινον υπηρχεν χωρια τω πρωτω της νησου ονοματι ποπλιω ος αναδεξαμενος ημας τρεις ημερας φιλοφρονως εξενισεν
- 8 Papa Pibliyis te kouche malad ak yon lafyèb ak dyare. Pòl antre ale wè l', li lapriyè, li mete men l' sou tèt li, li geri li.
And the father of Publius was ill, with a disease of the stomach; to whom Paul went, and put his hands on him, with prayer, and made him well.
εγενετο δε τον πατερα του ποπλιου πυρετοις και δυσεντερια συνεχομενον κατακεισθαι προς ον ο παυλος εισελθων και προσευξαμενος επιθεις τας χειρας αυτω ιασατο αυτον
- 9 Apre sa, tout lòt moun ki te malad nan lil la te vini tou. Yo tout te geri.
And when this took place, all the others in the island who had diseases came and were made well.
τουτου ουν γενομενου και οι λοιποι οι εχοντες ασθeneias εν τη νησω προσηρχοντο και εθεραπευοντο
- 10 Yo fè nou anpil kado. Lè pou n' anbake menm, yo ban nou tou sa nou te bezwen pou vwayaj la.
Then they gave us great honour, and, when we went away, they put into the ship whatever things we were in need of.
οι και πολλαις τιμαις ετιμησαν ημας και αναγομενοις επεθεντο τα προς την χρεια
- 11 ¶ Apre twa mwa, nou pati nan yon batiman Aleksandri ki te pase tout tan fredri a nan lil la. Yo te rele batiman an Marasa.
And after three months we went to sea in a ship of Alexandria sailing under the sign of the Dioscuri, which had been at the island for the winter.
μετα δε τρεις μηνας ανηχθημεν εν πλοιω παρακειμακοτι εν τη νησω αλεξανδρινω παρασημω διοσκουροις
- 12 Lè nou rive Sirakiz, nou rete la pandan twa jou.
And going into the harbour at Syracuse, we were waiting there for three days.
και καταχθεντες εις συρακουσας επεμειναμεν ημερας τρεις
- 13 Lè nou pati, nou lonje kòt la jouk nou rive Rijio. Nan denmen, yon van swèt leve: apre de jou vwayaj nou rive Pouzòl.
And from there, going about in a curve, we came to Rhegium: and after one day a south wind came up and on the day after we came to Puteoli:
οθεν περμελθοντες κατηνησαμεν εις ρηγιον και μετα μιαν ημεραν επιγενομενου νοτου δευτεραιοι ηλθομεν εις ποτιολους
- 14 La, nou jwenn kèk frè ki mande pou n' pase sèt jou ak yo. Se konsa nou rive lavil Wòm.
Where we came across some of the brothers, who kept us with them for seven days; and so we came to Rome.
ου ευροντες αδελφους παρεκληθημεν επ αυτοις επιμειναι ημερας επτα και ουτως εις την ρωμην ηλθομεν
- 15 Frè lavil Wòm yo ki te pran nouvèl nou vin kontre nou jouk nan Mache Apiyis ak nan Kalfou Twa Kafe. Lè Pòl wè yo, li di Bondye mèsi, li pran kouraj.
And the brothers, when they had news of us, came out from town as far as Appii Forum and the Three Taverns to have a meeting with us: and Paul, seeing them, gave praise to God and took heart.
κακειθεν οι αδελφοι ακουσαντες τα περι ημων εξηλθον εις απαντησιν ημιν αχρις απιου φορου και τριων ταβερνων ους ιδων ο παυλος ευχαριστησας τω θεω ελαβεν θαρσος

- 16 Lè nou rive Wòm, yo kite Pòl rete pou kont li ak yon sèl sòlda pou veye li.
And when we came into Rome, they let Paul have a house for himself and the armed man who kept watch over him.
 οτε δε ηλθομεν εις ρωμην ο εκατονταρχος παρεδωκεν τους δεσμιους τω στρατοπεδαρχη τω δε παυλω επετραπη μενειν καθ εαυτον συν τω φυλασσοντι αυτον στρατιωτη
- 17 ¶ Apre twa jou, Pòl fè rele chèf jwif yo ki lavil Wòm. Lè yo reyini, li di yo: Frè m' yo, san m' pa fè anyen kont pèp la, ni kont koutim zansèt nou yo, jwif yo rete konsa, yo arete m' lavil Jerizalèm, yo lage m' nan men women yo.
Then after three days he sent for the chief men of the Jews: and when they had come together, he said to them, My brothers, though I had done nothing against the people or the ways of our fathers, I was given, a prisoner from Jerusalem, into the hands of the Romans.
 εγενετο δε μετα ημερας τρεις συγκαλεσασθαι τον παυλον τους οντας των ιουδαιων πρωτους συνελθοντων δε αυτων ελεγεν προς αυτους ανδρες αδελφοι εγω ουδεν εναντιον ποιησας τω λαω η τοις εθεσιν τοις πατρωοις δεσμιος εξ ιεροσολυμων παρεδοθην εις τας χειρας των ρωμαιων
- 18 Lè women yo fin keksyonnen m', yo te vle lage m' paske yo pa t' jwenn okenn rezon ki pou ta fè m' merite lanmò.
Who, when they had put questions to me, were ready to let me go free, because there was no cause of death in me.
 οιτινες ανακριναντες με εβουλοντο απολυσαι δια το μηδεμιαν αιτιαν θανατου υπαρχειν εν εμοι
- 19 Men, jwif yo kenbe la ak yo. Mwen te blije mande pou Seza tande kòz mwen. Men, mwen menm pou tèt pa m', mwen pa gen okenn plent pou m' fè pou moun menm peyi avè m' yo.
But when the Jews made protest against it, I had to put my cause into Caesar's hands; not because I have anything to say against my nation.
 αντιλεγοντων δε των ιουδαιων ηναγκασθην επικαλεσασθαι καισαρα ουχ ως του εθνους μου εχων τι κατηγορησαι
- 20 Se poutèt sa mwen fè rele nou pou m' wè nou, pou m' pale ak nou, pou m' di nou se poutèt moun pèp Izrayèl t'ap tann lan kifè yo mare m' ak chenn sa a.
But for this reason I sent for you, to see and have talk with you: for because of the hope of Israel I am in these chains.
 δια ταυτην ουν την αιτιαν παρεκαλεσα υμας ιδειν και προσλαλησαι ενεκεν γαρ της ελπιδος του ισραηλ την αλυσιν ταυτην περικειμαι
- 21 Yo reponn li: Nou pa resevwa okenn lèt soti peyi Jide sou ou. Okenn frè pa soti laba vin isit pou ban nou nouvèl, ni pou pale mal sou ou.
And they said to him, We have not had letters from Judaea about you, and no one of the brothers has come to us here to give an account or say any evil about you.
 οι δε προς αυτον ειπον ημεις ουτε γραμματα περι σου εδεξαμεθα απο της ιουδαιας ουτε παραγενομενος τις των αδελφων απηγγειλεν η ελαλησεν τι περι σου πονηρον
- 22 Men, nou ta renmen tande kisa ou gen nan tèt ou, paske nou konnen toupatou yo pa vle wè gwoup ou fè pati a.
But we have a desire to give hearing to your opinion: for as to this form of religion, we have knowledge that in all places it is attacked.
 αζηιουμεν δε παρα σου ακουσαι α φρονεις περι μεν γαρ της αιρεσεως ταυτης γνωστον εστιν ημιν οτι πανταχου αντιλεγεται
- 23 ¶ Yo fikse l' yon jou. Lè sa a, yo te anpil ki te vin jwenn li kote li te ye a. Depi nan maten jouk nan aswè, Pòl t'ap ba yo esplikasyon: li t'ap fè yo konnen gouvènman Bondye ki wa a. Li pran lalwa Moyiz la ak liv pwofèt yo, li t'ap chache fè yo rekonèt ki moun Jezi ye.
And when a day had been fixed, they came to his house in great numbers; and he gave them teaching, giving witness to the kingdom of God, and having discussions with them about Jesus, from the law of Moses and from the prophets, from morning till evening.
 ταξαμενοι δε αυτω ημεραν ηκον προς αυτον εις την ξενιαν πλειονες οις εξετιθετο διαμαρτυρομενος την βασιλειαν του θεου πειθων τε αυτους τα περι του ιησου απο τε του νομου μωσεως και των προφητων απο πρωι εως εσπερας
- 24 Gen ladan yo ki te kwè sa l' t'ap di yo. Men, gen lòt ki pa t' vle kwè menm.
And some were in agreement with what he said, but some had doubts.
 και οι μεν επειθοντο τοις λεγομενοις οι δε ηπιστουν
- 25 Yo vire do yo san yo pa t' tonbe dakò. Lè Pòl wè sa, li ajoute pawòl sa a pou yo: Sentespri te gen rezon pale konsa ak zansèt nou yo nan bouch pwofèt Ezayi, lè l' te di:
And they went away, for there was a division among them after Paul had said this one thing: Well did the Holy Spirit say by the prophet Isaiah to your fathers,
 ασυμφωνοι δε οντες προς αλληλους απελυοντο ειποντος του παυλου ρημα εν οτι καλωσ το πνευμα το αγιον ελαλησεν δια ησαιου του προφητου προς τους πατερας ημων
- 26 Ale jwenn pèp sa a, di l' pou mwen: Pou tande n'a tande nan zòrèy nou, men nou p'ap konprann anyen. Pou gade n'a gade ak je nou, men nou p'ap wè.
Go to this people and say, Though you give ear, you will not get knowledge; and seeing, you will see, but the sense will not be clear to you:
 λεγον πορευθητι προς τον λαον τουτου και ειπε ακοη ακουσετε και ου μη συνητε και βλεποντες βλεψετε και ου μη ιδητε
- 27 Paske lespri pèp sa a vin lou, yo bouche zòrèy yo, yo fèmen je yo, pou yo pa wè ak je yo, pou yo pa tande nan zòrèy yo, pou yo pa konprann ak lespri yo, pou yo pa tounen vin jwenn mwen pou m' geri yo. Se Bondye menm ki di sa.
For the heart of this people has become fat and their ears are slow in hearing and their eyes are shut; for fear that they might see with their eyes and give hearing with their ears and become wise in their hearts and be turned again to me, so that I might make them well.
 επαχυνθη γαρ η καρδια του λαου τουτου και τοις ωσιν βαρεως ηκουσαν και τους οφθαλμους αυτων εκαμμυσαν μηποτε ιδωσιν τοις οφθαλμοις και τοις ωσιν ακουσωσιν και τη καρδια συνωσιν και επι στρεψωσιν και ιασομαι αυτους

- 28 Apre sa, Pòl di yo: Koulye a, nou fèt pou nou konnen Bondye fè moun lòt nasyon yo konnen l'ap delivre yo tou. Yo menm, y'ap tande li.
Be certain, then, that the salvation of God is sent to the Gentiles, and they will give hearing.
 γνωστον ουν εστω υμιν οτι τοις εθνεσιν απεσταλη το σωτηριον του θεου αυτοι και ακουσονται
- 29 Lè l' te fin di sa, jwif yo al fè wout yo, yo t'ap diskite yonn ak lòt.
 []
 και ταυτα αυτου ειποντος απηλθον οι ιουδαιοι πολλην εχοντες εν εαυτοις συζητησιν
- 30 ¶ Pòl te rete pandan dezan nan yon kay li te lwe. Li te resevwa tout moun ki te vin wè li.
And for the space of two years, Paul was living in the house of which he had the use, and had talk with all those who went in to see him,
 εμεινεν δε ο παυλος διετιαν ολην εν ιδιω μισθωματι και απεδεχετο παντας τους εισπορευομενους προς αυτον
- 31 Li t'ap fè konnen gouvènman Bondye ki wa a, li t'ap moutre moun yo tout bagay sou Jezikri, Seyè a, kareman san pesonn pa janm chache l' kont.
Preaching the kingdom of God and teaching about the Lord Jesus Christ without fear, and no orders were given that he was not to do so.
 κηρυσσων την βασιλειαν του θεου και διδασκων τα περι του κυριου ιησου χριστου μετα πασης παρρησιας ακωλυτως
- 1 ¶ Se mwen menm Pòl, sèvitè Jezikri, yon nonm Bondye rele pou sèvi li apòt, yon nonm li mete apa pou anonse bon nouvèl li a, k'ap ekri nou tout kreyen ki nan lavil Wòm.
Paul, a servant of Jesus Christ, an Apostle by the selection of God, given authority as a preacher of the good news,
 παυλος δουλος ιησου χριστου κλητος αποστολος αφωρισμενος εις ευαγγελιον θεου
- 2 Depi lontan Bondye te pwomèt bon nouvèl sa a pa bouch pwofèt li yo, nan Liv Sentespri te fè yo ekri a.
Of which God had given word before by his prophets in the holy Writings,
 ο προεπηγγελιατο δια των προφητων αυτου εν γραφαις αγιαις
- 3 Bon Nouvèl sa a pale nou sou Pitit li a, Jezikri, Seyè nou an. Lè pou l' te fèt tankou yon moun, Jezi soti nan fanmi wa David.
About his Son who, in the flesh, came from the family of David,
 περι του υιου αυτου του γενομενου εκ σπερματος δαβιδ κατα σαρκα
- 4 Men, dapre Sentespri ki fè nou viv pou Bondye, li te fè nou wè avèk pouvwa se Pitit Bondye a li ye, lè l' te leve soti vivan nan lanmò.
But was marked out as Son of God in power by the Holy Spirit through the coming to life again of the dead; Jesus Christ our Lord,
 του ορισθεντος υιου θεου εν δυναμει κατα πνευμα αγιωσυνης εξ αναστασεως νεκρων ιησου χριστου του κυριου ημων
- 5 Gremesi Jezikri sa a, Bondye fè m' favè pou m' travay tankou apòt, pou m' mennen moun tout nasyon, nan non menm Kris la, pou yo vin kwè nan li, pou yo obeyi li.
Through whom grace has been given to us, sending us out to make disciples to the faith among all nations, for his name:
 δι ου ελαβομεν χαριν και αποστολην εις υπακοην πιστεως εν πασιν τοις εθνεσιν υπερ του ονοματος αυτου
- 6 Nou menm kreyen ki nan lavil Wòm, nou fè pati nasyon sa yo tou: Bondye rele nou pou n' antre nan fanmi Jezikri a.
Among whom you in the same way have been marked out to be disciples of Jesus Christ:
 εν οις εστε και υμεις κλητοι ιησου χριστου
- 7 Se sak fè m'ap ekri nou, nou menm Bondye renmen anpil, nou menm Bondye rele pou viv apa pou li. Mwen mande Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze.
To all those who are in Rome, loved by God, marked out as saints: Grace to you and peace from God our Father and the Lord Jesus Christ.
 πασιν τοις ουσιν εν ρωμη αγαπητοις θεου κλητοις αγιοις χαρις υμιν και ειρηνη απο θεου πατρος ημων και κυριου ιησου χριστου
- 8 ¶ Anvan m' di nou lòt bagay, kite m' di Bondye mèsi pou nou gremesi Jezikri. Paske, toupatou sou latè y'ap pale jan nou gen konfyans nan Bondye.
First of all, I give praise to my God through Jesus Christ for you all, because news of your faith has gone into all the world.
 πρωτον μεν ευχαριστω τω θεω μου δια ιησου χριστου υπερ παντων υμων οτι η πιστις υμων καταγγελλεται εν ολω τω κοσμω
- 9 Mwen pran Bondye pou temwen, Bondye m'ap sèvi ak tout kè mwen lè m'ap anonse bon nouvèl Pitit li a. Se toutan m'ap nonmen non nou;
For God is my witness, whose servant I am in spirit in the good news of his Son, that you are at all times in my memory and in my prayers,
 μαρτυς γαρ μου εστιν ο θεος ω λατρευω εν τω πνευματι μου εν τω ευαγγελιω του υιου αυτου ως αδιαλειπτως μνειαν υμων ποιουμαι
- 10 se san rete m'ap lapriyè pou nou; m'ap mande Bondye pou l' kite mwen vin vizite nou yon lè konsa, si se volonte li.
And that I am ever making prayers that God will give me a good journey to you.
 παντοτε επι των προσευχων μου δεομενος ειπως ηδη ποτε ευοδωθισομαι εν τω θεληματι του θεου ελθειν προς υμας

- 11 Se pa ti anv mwen pa anv wè nou pou m' separe ak nou kèk benediksyon Bondye ban mwen, pou n' kapab vin pi fèm.
For I have a strong desire to see you, and to give you some grace of the spirit, so that you may be made strong;
επιποθω γαρ ιδειν υμας ινα τι μεταδω χαρισμα υμιν πνευματικον εις το στηριχθηναι υμας
- 12 Mwen vle di pito, pou m' ta la nan mitan nou, pou yonn kapab ankouraje lòt ak konfyans nou gen ansanm nan menm Bondye a.
That is to say, that all of us may be comforted together by the faith which is in you and in me.
τουτο δε εστιν συμπαρακληθηναι εν υμιν δια της εν αλληλοις πιστεωσ υμων τε και εμου
- 13 Frè m' yo, mwen vle nou konn sa: plizyè fwa menm, mwen fè lide al vizite nou, pou jan mwen te anv wè travay mwen bay bon rezilta nan mitan nou menm jan li bay bon rezilta nan mitan lòt nasyon yo. Men, chak fwa mwen jwenn anpechman, jouk koulye a.
You may be certain, my brothers, that it has frequently been in my mind to come to you (but till now I was kept from it), so that I might have some fruit from you in the same way as I have had it from the other nations.
ου θελω δε υμας αγνοειν αδελφοι οτι πολλακις προεθεμην ελθειν προς υμας και εκωλυθην αχρι του δευρο ινα καρπον τινα σχω και εν υμιν καθωσ και εν τοις λουτοις εθνεσιν
- 14 Se yon devwa pou mwen pou m' anonse bon nouvèl la bay tout moun: kit yo eklere, kit yo pa eklere, kit yo konn li, kit yo pa konn li.
I have a debt to Greeks and to the nations outside; to the wise and to those who have no learning.
ελλησιν τε και βαρβαροις σοφοις τε και ανοητοις οφειλετης ειμι
- 15 Se poutèt sa, m' anv vin anonse bon nouvèl la ban nou, nou menm ki rete lavil Wòm.
For which reason I have the desire, as far as I am able, to give the knowledge of the good news to you who are in Rome.
ουτωσ το κατ εμε προθυμον και υμιν τοις εν ρωμη ευαγγελισασθαι
- 16 ¶ Mwen pa wont anonse bon nouvèl la: se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè, jwif yo an premye, apre yo moun lòt nasyon yo tou.
For I have no feeling of shame about the good news, because it is the power of God giving salvation to everyone who has faith, to the Jew first, and then to the Greek.
ου γαρ επαισχυνομαι το ευαγγελιον του χριστου δυναμις γαρ θεου εστιν εις σωτηριαν παντι τω πιστευοντι ιουδαιω τε πρωτον και ελληνι
- 17 Bon nouvèl sa a fè nou wè ki jan Bondye fè moun gras. Travay sa a, li kòmanse ak konfyans moun gen nan Bondye, li fini nan menm konfyans la tou, jan sa te ekri a: Moun Bondye fè gras paske li gen konfyans nan Bondye, se li menm ki va gen lavi.
For in it there is the revelation of the righteousness of God from faith to faith: as it is said in the holy Writings, The man who does righteousness will be living by his faith.
δικαιοσυνη γαρ θεου εν αυτω αποκαλυπτεται εκ πιστεωσ εις πιστιν καθωσ γεγραπται ο δε δικαιοσ εκ πιστεωσ ζησεται
- 18 Se poutèt sa, n'ap wè kòlè Bondye soti nan syèl la, li tonbe sou tout mechanste ak tout lenjistis moun fè. Sitèlman kè yo pa bon, y'ap chache anpeche verite a fè travay li.
For there is a revelation of the wrath of God from heaven against all the wrongdoing and evil thoughts of men who keep down what is true by wrongdoing;
αποκαλυπτεται γαρ οργη θεου απ ουρανου επι πασαν ασεβειαν και αδικιαν ανθρωπων των την αληθειαν εν αδικια κατεχοντων
- 19 ¶ Bondye ap peni yo tou paske tou sa yo ka konnen sou Bondye parèt byen klè devan je yo. Se Bondye menm ki fè sa konsa pou yo.
Because the knowledge of God may be seen in them, God having made it clear to them.
διοτι το γνωστον του θεου φανερον εστιν εν αυτοις ο γαρ θεοσ αυτοις εφανερωσεν
- 20 Se vre wi. Depi Bondye te fin kreye tout bagay, tout moun ki egzaminen travay li yo ka konprann ki kalite moun Bondye ye, bagay nou pa ka wè ak je nou: ki vle di, jan li gen yon pouvwa ki p'ap janm fini, jan li se Bondye tout bon. Se sak fè moun sa yo pa gen eskiz menm.
For from the first making of the world, those things of God which the eye is unable to see, that is, his eternal power and existence, are fully made clear, he having given the knowledge of them through the things which he has made, so that men have no reason for wrongdoing:
τα γαρ αορατα αυτου απο κτισεωσ κοσμου τοις ποιημασιν νοουμενα καθαροται η τε αιδιοσ αυτου δυναμις και θειοτης εις το ειναι αυτοσ αναπολογητουσ
- 21 Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou li, yo pa di l' mèsi jan l' merite l' la. Lekontrè, y'ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo.
Because, having the knowledge of God, they did not give glory to God as God, and did not give praise, but their minds were full of foolish things, and their hearts, being without sense, were made dark.
διοτι γνωντεσ τον θεον ουχ ωσ θεον εδοξασαν η ευχαριστησαν αλλ εματαιωθησαν εν τοις διαλογισμοις αυτων και εσκοτισθη η ασυνετοσ αυτων καρδια
- 22 Y'ap mache di se moun lespri yo ye. Men, se fou yo fin fou.
Seeming to be wise, they were in fact foolish,
φασκοντεσ ειναι σοφοι εμωραθησαν

- 23 Pase pou yo adore Bondye ki p'ap janm mouri a ak tout bèl bagay li yo, yo pito sèvi pòtre moun ki gen pou mouri, pòtre zwazo, pòtre bèt kat pa t' ak bèt ki trennen sou vant.
And by them the glory of the eternal God was changed and made into the image of man who is not eternal, and of birds and beasts and things which go on the earth.
και ηλλαξαν την δοξαν του αφθαρτου θεου εν ομοιωματι εικονος φθαρτου ανθρωπου και πετεινων και τετραποδων και ερπετων
- 24 Lèzòm vin sitèlman fou, Bondye kite yo tonbe nan fè tout kalite bagay ki pa dakò ak volonte li dapre vye lanvi ki nan kè yo. Se yon wont pou wè sa yo fè ak pwòp kò yo.
For this reason God gave them up to the evil desires of their hearts, working shame in their bodies with one another:
διο και παρεδωκεν αυτους ο θεος εν ταις επιθυμιας των καρδιων αυτων εις ακαθαρσιαν του ατιμαζεσθαι τα σωματα αυτων εν εαυτοις
- 25 Yo mete manti nan plas verite Bondye a. Yo pito adore kreyati Bondye, yo pito sèvi yo pase pou yo adore Bondye ki kreye yo a, li menm ki merite pou n' fè lwanj li tout tan. Amèn.
Because by them the true word of God was changed into that which is false, and they gave worship and honour to the thing which is made, and not to him who made it, to whom be blessing for ever.
So be it.
οιτινες μετηλλαξαν την αληθειαν του θεου εν τω ψευδει και εσεβασθησαν και ελατρευσαν τη κτισει παρα τον κτισαντα ος εστιν ευλογητος εις τους αιωνας αμην
- 26 Se poutèt sa, Bondye kite yo fè sa yo pito. Men, se sa k'ap avili yo tou: fanm pa vle sèvi ak kò yo jan yo dwe; yo pito fè sa ki pa bon.
For this reason God gave them up to evil passions, and their women were changing the natural use into one which is unnatural:
δια τουτο παρεδωκεν αυτους ο θεος εις παθη ατιμιας αι τε γαρ θηλειαι αυτων μετηλλαξαν την φυσικην χρησιν εις την παρα φυσι
- 27 Se konsa tou, gason derefize sèvi ak fanm jan sa te dwe fèt. Yo pran dife yonn pou lòt: gason fè malpwòpte ak gason parèy yo. Yo pèdi tèt yo nè. Men tou, yo resevwa nan kò yo penisyon yo merite a.
And in the same way the men gave up the natural use of the woman and were burning in their desire for one another, men doing shame with men, and getting in their bodies the right reward of their evil-doing.
ομοιως τε και οι αρρενες αφεντες την φυσικην χρησιν της θηλειας εξεκαυθησαν εν τη ορεξει αυτων εις αλληλους αρσενες εν αρσεσιν την ασχημοσυνην κατα εργαζομενοι και την αντιμισθιαν ην εδει της πλανης αυτων εν εαυτοις απολαμβανοντες
- 28 Yo refize bay Bondye premye plas nan kè yo. Bondye tou kite yo tonbe anba pouvwa lespri yo ki fin deraye pou yo fè bagay yo pa t' dwe fè.
And because they had not the mind to keep God in their knowledge, God gave them up to an evil mind, to do those things which are not right;
και καθως ουκ εδοκιμασαν τον θεον εχειν εν επιγνωσει παρεδωκεν αυτους ο θεος εις αδοκιμον νουν ποιειν τα μη καθηκοντα
- 29 Men sèl lide ki nan tèt yo: se fè tout kalite lenjistis, tout kalite mechnaste, se anvi sò moun, se fè rayisab. Se sa sèlman ki nan kè yo: fè jalouzi, touye moun, chache moun kont, fè riz, fè koken. Yo tripòt konsa.
Being full of all wrongdoing, evil, desire for the goods of others, hate, envy, putting to death, fighting, deceit, cruel ways, evil talk, and false statements about others;
πεπληρωμενους παση αδικια πορνεια πονηρια πλεονεξια κακια μεστους φθονου φονου εριδος δολου κακοηθειας ψιθυριστας
- 30 Yonn pale lòt mal. Yo pa vle wè Bondye, yo ensolan, yo awogan, yo grandizè. Yo toujou ap chache lòt jan pou fè sa ki mal, yo fwonte ak paran yo.
Hated by God, full of pride, without respect, full of loud talk, given to evil inventions, not honouring father or mother,
καταλαλους θεοστυγεις υβριστας υπερηφανους αλαζονας εφευρετας κακων γονευσιν απειθεις
- 31 Yo san konsyans, yo pa kenbe pawòl yo. Kè yo di konsa, yo san pitye pou lòt moun.
Without knowledge, not true to their undertakings, unkind, having no mercy:
ασυνετους ασυνθετους αστοργους ασπονδους ανελεημονας
- 32 Yo konn jijman Bondye a byen pwòp: yo konnen moun ki fè bagay sa yo merite lanmò. Atousa, y'ap plede fè yo toujou. Sa ki pi rèd, yo dakò ak moun k'ap fè yo tou.
Who, though they have knowledge of the law of God, that the fate of those who do these things is death, not only go on doing these things themselves, but give approval to those who do them.
οιτινες το δικαιομα του θεου επιγνοντες οτι οι τα τοιαυτα πρασσουντες αξιοι θανατου εισιν ου μονον αυτα ποιουσιν αλλα και συνευδοκουσιν τοις πρασσουσιν
- 1 ¶ Monchè, nenpòt sa ou ye, ou menm k'ap jije lòt moun yo, ou pa gen eskiz. Ou menm k'ap fè menm bagay ak lòt yo, se pwòp tèt pa ou w'ap kondannen lè w'ap jije yo.
So you have no reason, whoever you are, for judging: for in judging another you are judging yourself, for you do the same things.
διο αναπολογητος ει ω ανθρωπε πας ο κρινων εν ω γαρ κρινεις τον ετερον σεαυτον κατακρινεις τα γαρ αυτα πρασσεις ο κρινων
- 2 Nou konnen Bondye ap jije moun k'ap fè bagay sa yo, epi l'ap jije yo yon jan k'ap dakò ak verite a.
And we are conscious that God is a true judge against those who do such things.
οιδαμεν δε οτι το κριμα του θεου εστιν κατα αληθειαν επι τους τα τοιαυτα πρασσουντας
- 3 Monchè, ou menm k'ap jije moun k'ap fè bagay sa yo epi k'ap ajì menm jan an tou, èske ou kwè wa chape anba jijman Bondye a?
But you who are judging another for doing what you do yourself, are you hoping that God's decision will not take effect against you?
λογιζη δε τουτο ω ανθρωπε ο κρινων τους τα τοιαυτα πρασσουντας και ποιων αυτα οτι συ εκφευξη το κριμα του θεου

- 4 Osinon, èske se meprize w'ap meprize Bondye ki gen bon kè anpil, ki gen pasyans anpil, ki sipòte nou anpil? Se konnen ou pa konnen se pou l' ka rele ou vin chanje lavi ou kifè Bondye gen bon kè konsa?
Or is it nothing to you that God had pity on you, waiting and putting up with you for so long, not seeing that in his pity God's desire is to give you a change of heart?
η του πλουτου της χρηστοτητος αυτου και της ανοχης και της μακροθυμιας καταφρονεις αγνοων οτι το χρηστον του θεου εις μετανοιαν σε αγει
- 5 Men, w'ap fè tèt di. Ou pa soti pou chanje lavi ou. Se poutèt sa, w'ap pare youn pi gwo chatiman mete la tann ou pou joun Bondye va fè wè kòlè li ansanm ak jijman li k'ap fèt san patipri.
But by your hard and unchanged heart you are storing up wrath for yourself in the day of the revelation of God's judging in righteousness;
κατα δε την σκληροτητα σου και αμετανοητον καρδιαν θησαυριζεις σεαυτω οργην εν ημερα οργης και αποκαλυψεως δικαιοκρισιας του θεου
- 6 Lè sa a, Bondye va bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.
Who will give to every man his right reward:
ος αποδωσει εκαστω κατα τα εργα αυτου
- 7 Moun ki pa janm sispann fè byen, k'ap chache lwanj ak respè, k'ap chache mwayen pou yo pa janm mouri, moun sa yo va resevwa lavi ki p'ap janm fini an.
To those who go on with good works in the hope of glory and honour and salvation from death, he will give eternal life:
τοις μεν καθ υπομονην εργου αγαθου δοξαν και τιμην και αφθαρσιαν ζητουσιν ζωην αιωνιον
- 8 Men, moun k'ap kenbe tèt ak Bondye, k'ap refize asepte verite a pou fè sa ki pa bon, moun sa yo, yo fè Bondye fache. Kòlè l' va tonbe sou yo.
But to those who, from a love of competition, are not guided by what is true, will come the heat of his wrath,
τοις δε εξ εριθειας και απειθουσιν μεν τη αληθεια πειθομενοις δε τη αδικια θυμος και οργη
- 9 Anpil soufrans ak anpil lapenn pou tout moun ki lage kò yo nan fè sa ki mal, pou jwif yo an premye, apre yo pou moun lòt nasyon yo.
Trouble and sorrow on all whose works are evil, to the Jew first and then to the Greek;
θλιψις και στενοχωρια επι πασαν ψυχην ανθρωπου του κατεργαζομενου το κακον ιουδαιου τε πρωτον και ελληνος
- 10 Men, Bondye va bay tout moun k'ap fè sa ki byen lwanj, respè ak kè poze, jwif yo an premye, apre yo pou moun lòt nasyon yo.
But glory and honour and peace to all whose works are good, to the Jew first and then to the Greek:
δοξα δε και τιμη και ειρηνη παντι τω εργαζομενω το αγαθον ιουδαιω τε πρωτον και ελληνι
- 11 Paske, Bondye pa gade sou figi moun.
For one man is not different from another before God.
ου γαρ εστιν προσωποληψια παρα τω θεω
- 12 Tout moun ki pa t' konn lalwa Moyiz la epi ki fè sa ki mal, y'ap peri san lalwa pa reskonsab. Men, tout moun ki konnen lalwa a epi ki fè sa ki mal, y'ap pase anba jijman dapre lalwa a.
All those who have done wrong without the law will get destruction without the law: and those who have done wrong under the law will have their punishment by the law;
οσοι γαρ ανομως ημαρτον ανομως και απολουνται και οσοι εν νομω ημαρτον δια νομου κριθησονται
- 13 Moun ki mache dwat devan Bondye, se pa moun k'ap tande lalwa a nan zòrèy yo sèlman, men se moun ki fè sa lalwa a mande.
For it is not the hearers of the law who will be judged as having righteousness before God, but only the doers:
ου γαρ οι ακροαται του νομου δικαιοι παρα τω θεω αλλ οι ποιηται του νομου δικαιοθησονται
- 14 Moun lòt nasyon yo ki pa gen lalwa Moyiz la, yo fè sa lalwa a mande san yo pa konnen. Yo menm ki pa gen lalwa Moyiz la, yo tounen youn lwa pou pwòp tèt pa yo menm si yo pa t' konn lalwa a.
For when the Gentiles without the law have a natural desire to do the things in the law, they are a law to themselves;
οταν γαρ εθνη τα μη νομον εχοντα φυσει τα του νομου ποιη ουτοι νομον μη εχοντες εαυτοις εισιν νομος
- 15 Konsa, yo moutre ki jan sa lalwa Moyiz mande a ekri nan kè yo. Konsyans yo moutre sa tou paske youn lè konsyans yo repwoche yo sa yo fè, youn lòt lè konsyans yo dakò ak sa yo fè.
Because the work of the law is seen in their hearts, their sense of right and wrong giving witness to it, while their minds are at one time judging them and at another giving them approval;
οιτινες ενδεικνυνται το εργον του νομου γραπτον εν ταις καρδιαις αυτων συμμαρτυρουσης αυτων της συνειδησεως και μεταξυ αλληλων των λογισμων κατηγορουντων η και απολογουμενων
- 16 Dapre bon nouvlè m'ap anonse a, se sa menm ki gen pou rive lè Bondye va voye Jezikri pou jije tou sa lèzòm t'ap fè an kachèt.
In the day when God will be a judge of the secrets of men, as it says in the good news of which I am a preacher, through Jesus Christ.
εν ημερα οτε κρινει ο θεος τα κρυπτα των ανθρωπων κατα το ευαγγελιον μου δια ιησου χριστου
- 17 ¶ Ou menm yo rele jwif la, ou apiye kò ou sou lalwa a. W'ap vante tèt ou dèske ou konn Bondye.
But as for you who have the name of Jew, and are resting on the law, and take pride in God,
ιδε συ ιουδαιος επονομαζη και επαναπαυη τω νομω και καυχασαι εν θεω

- 18 Ou konnen sa Bondye vle ou fè; lalwa a moutre ou ki jan pou ou chwazi sa ki byen.
*And have knowledge of his desires, and are a judge of the things which are different, having the learning of the law,
και γνωσκεις το θελημα και δοκιμαζεις τα διαφορονητα καθηγουμενος εκ του νομου*
- 19 Ou mete nan tèt ou ou ka moutre moun ki pa wè yo chemen pou yo pran. Ou konprann se yon limyè ou ye pou moun ki nan fènwa,
*In the belief that you are a guide to the blind, a light to those in the dark,
πεποιθας τε σεαυτον οδηγον ειναι τυφλων φως των εν σκοτει*
- 20 yon pwofesè lekòl pou timoun; ou kwè ou ka moutre moun ki pa konnen anyen yo anpil bagay. Ou mete tou sa nan tèt ou paske ou sèten ou jwenn tout konesans ak tout verite nan lalwa a.
*A teacher of the foolish, having in the law the form of knowledge and of what is true;
παιδευτην αφρονων διδασκαλον νηπιων εχοντα την μορφωσιν της γνωσεως και της αληθειας εν τω νομω*
- 21 Enben, ou menm k'ap bay lòt yo leson, poukisa ou pa bay tèt ou leson tou?
*You who give teaching to others, do you give it to yourself? you who say that a man may not take what is not his, do you take what is not yours?
ο ουν διδασκων ετερον σεαυτον ου διδασκεις ο κηρυσσων μη κλεπτειν κλεπτεις*
- 22 W'ap mande moun pou yo pa vòlò, epi w'ap vòlò: w'ap defann moun fè adiltè epi ou menm, w'ap fè adiltè! Ou di ou rayi zidòl, epi w'ap piye tanp zidòl yo!
*You who say that a man may not be untrue to his wife, are you true to yours? you who are a hater of images, do you do wrong to the house of God?
ο λεγων μη μοιχευειν μοιχευεις ο βδελυσσομενος τα ειδωλα ιεροσυλεις*
- 23 Wi, ou menm k'ap vante tèt ou deske ou gen lalwa Bondye a ou se yon wont pou Bondye, pou jan w'ap dezobeyi lalwa a!
*You who take pride in the law, are you doing wrong to the honour of God by behaviour which is against the law?
ος εν νομω κανχασαι δια της παραβασεως του νομου τον θεον ατιμαζεις*
- 24 Se sa menm ki te ekri: Se nou menm jwif yo ki lakòz moun lòt nasyon yo ap plede pale Bondye mal konsa.
*For the name of God is shamed among the Gentiles because of you, as it is said in the holy Writings.
το γαρ ονομα του θεου δι υμας βλασφημειται εν τοις εθνεσιν καθως γεγραπται*
- 25 Si ou fè sa lalwa a mande ou fè, sikonsizyon an gen valè pou ou. Men, si w'ap dezobeyi lalwa a, se tankou si ou pa t' janm sikonsi.
*It is true that circumcision is of use if you keep the law, but if you go against the law it is as if you had it not.
περιτομη μεν γαρ ωφελει εαν νομον πρασης εαν δε παραβατης νομου ης η περιτομη σου ακροβυστια γεγονεν*
- 26 Lè yon moun lòt nasyon ki pa sikonsi fè sa lalwa a mande, èske Bondye p'ap gade li tankou yon moun ki sikonsi?
*If those who have not circumcision keep the rules of the law, will it not be credited to them as circumcision?
εαν ουν η ακροβυστια τα δικαιωματα του νομου φυλασση ουχι η ακροβυστια αυτου εις περιτομην λογισθησεται*
- 27 Moun lòt nasyon yo ki pa sikonsi men k'ap obeyi lalwa a, yo gen pou yo jije ou, ou menm jwif k'ap dezobeyi lalwa a atout ou gen liv lalwa a nan men ou, atout ou sikonsi a.
*And they, by their keeping of the law without circumcision, will be judges of you, by whom the law is broken though you have the letter of the law and circumcision.
και κρινει η εκ φυσεως ακροβυστια τον νομον τελουσα σε τον δια γραμματος και περιτομης παραβατην νομου*
- 28 Se pa moun ki gen aparans jwif ki jwif tout bon. Se pa sikonsizyon ki kite mak nan kò moun ki sikonsizyon tout bon an.
*The true Jew is not one who is only so publicly, and circumcision is not that which may be seen in the flesh:
ου γαρ ο εν τω φανερω ιουδαιος εστιν ουδε η εν τω φανερω εν σαρκι περιτομη*
- 29 Jwif ki jwif tout bon, se moun ki jwif nan kè yo. Sikonsizyon tout bon an, se sikonsizyon ki make kè moun. Sa se travay Lespri Bondye a, se pa travay lalwa ki ekri nan liv. Lwanj yon jwif konsa pa sotif nan men moun, men nan Bondye.
*But he is a Jew who is a secret one, whose circumcision is of the heart, in the spirit and not in the letter; whose praise is not from men, but from God.
αλλ ο εν τω κρυπτω ιουδαιος και περιτομη καρδιας εν πνευματι ου γραμματι ου ο επαινος ουκ εξ ανθρωπων αλλ εκ του θεου*
- 1 ¶ Nan kondisyon sa a, lè yon moun jwif, ki avantaj ki gen nan sa? Kisa sikonsizyon an fè pou li?
*How then is the Jew better off? or what profit is there in circumcision?
τι ουν το περισσον του ιουδαιου η τις η ωφελεια της περιτομης*
- 2 Tout jan, li gen anpil avantaj. Pou kòmanse, se jwif yo Bondye te mete reskonsab pawòl li yo.
*Much in every way: first of all because the words of God were given to them.
πολυ κατα παντα τροπον πρωτον μεν γαρ οτι επιστευθησαν τα λογια του θεου*

- 3 **Bon, tande non. Si gen ladan yo ki pa kenbe pawòl yo, èske poutèt sa Bondye p'ap kenbe pawòl li tou?**
And if some have no faith, will that make the faith of God without effect?
τι γαρ ει ηπιστησαν τινες μη η απιστια αυτων την πιστιν του θεου καταργησει
- 4 **O non, lekotrè. Menm si tout moun ap bay manti, Bondye gen pou fè sa ki pou fèt la rive vre. Se sa menm ki ekri nan Liv la: Se pou yo rekonèt se ou menm ki gen rezon lè w'ap pale. Se ou menm ki pou gen pwose a lè y'ap jije ou.**
In no way: but let God be true, though every man is seen to be untrue; as it is said in the Writings, That your words may be seen to be true, and you may be seen to be right when you are judged.
μη γενοιτο γινεσθω δε ο θεος αληθης πας δε ανθρωπος ψευστης καθως γεγραπται οπως αν δικαιοθης εν τοις λογοις σου και νικησης εν τω κρινεσθαι σε
- 5 **Men, si lè nou fè sa ki mal, sa fè moun wè pi klè se Bondye ki gen rezon, kisa n'a di lè sa a? Eske poutèt sa lè Bondye peni nou li gen tò? (Eskize m' wi, m'ap pale tankou moun.)**
But if the righteousness of God is supported by our wrongdoing what is to be said? is it wrong for God to be angry (as men may say)?
ει δε η αδικια ημων θεου δικαιοσυνην συνιστησιν τι ερωμεν μη αδικος ο θεος ο επιφερων την οργην κατα ανθρωπον λεγο
- 6 **Men non! Si lè sa a Bondye pa gen rezon, ki jan Bondye va fè pou jije moun?**
In no way: because if it is so, how is God able to be the judge of all the world?
μη γενοιτο επει πως κρινει ο θεος τον κοσμον
- 7 **Bon, si lè m' bay manti, sa fè verite Bondye a parèt pi klè, si sa sèvi yon lwanj pou Bondye, poukisa pou l' ta jije m' tankou yon moun ki fè sa ki mal?**
But if, because I am untrue, God being seen to be true gets more glory, why am I to be judged as a sinner?
ει γαρ η αληθεια του θεου εν τω εμω ψευσματι επερισσευσεν εις την δοξαν αυτου τι ετι καγω ως αμαρτωλος κρινομαι
- 8 **Poukisa nou pa di pito: Ann fè sa ki mal pou Bondye ka fè plis byen toujou! Gen kèk malpalan ki pretann se sa mwen di. Enben, Bondye ap kondann moun sa yo, epi la gen rezon.**
Let us not do evil so that good may come (a statement which we are falsely said by some to have made), because such behaviour will have its right punishment.
και μη καθως βλασφημουμεθα και καθως φασιν τινες ημας λεγειν οτι ποιησωμεν τα κακα ινα ελθη τα αγαθα ων το κριμα ενδικον εστιν
- 9 **Men, sa sa ye menm? Nou menm jwif, èske nou pi bon pase moun lòt nasyon yo? Non, se pa vre menm. Mwen deja moutre nou sa: tout moun, ou te mèt jwif, ou te mèt pa jwif, tout moun anba pouwva peche a.**
What then? are we worse off than they? In no way: because we have before made it clear that Jews as well as Greeks are all under the power of sin;
τι ουν προχομεθα ου παντως προητιασαμεθα γαρ ιουδαιους τε και ελληνας παντας υφ αμαρτιαν ειναι
- 10 **Jan sa ekri nan Liv la: Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn.**
As it is said in the holy Writings, There is not one who does righteousness;
καθως γεγραπται οτι ουκ εστιν δικαιος ουδε εις
- 11 **Yo yonn pa gen konprann. Yo yonn p'ap chache Bondye.**
Not one who has the knowledge of what is right, not one who is a searcher after God;
ουκ εστιν ο συνιων ουκ εστιν ο εκζητων τον θεον
- 12 **Yo tout lage kò yo nan bwa, yo tout pèdi chemen yo. Nanpwen yonn ladan yo k'ap fè sa ki byen. Non, pa menm yon sèl.**
They have all gone out of the way, there is no profit in any of them; there is not one who does good, not so much as one:
παντες εξεκλιναν αμα ηχρειωθησαν ουκ εστιν ποιων χρηστοτητα ουκ εστιν εως ενος
- 13 **Bouch yo ou ta di yon kavo ki louvri. Se twonpe y'ap twonpe moun ase ak lang yo. Pawòl nan bouch yo se pwazon, ou ta di venen sèpan aspik.**
Their throat is like an open place of death; with their tongues they have said what is not true: the poison of snakes is under their lips:
ταφος ανεωγμενος ο λαρυγξ αυτων ταις γλωσσαις αυτων εδολιουσαν ιος ασπιδων υπο τα χειλη αυτων
- 14 **Bouch yo plen madichon ak jouman.**
Whose mouth is full of curses and bitter words:
ων το στομα αρας και πικριας γεμει
- 15 **Ti krik ti krak, se fè san koule.**
Their feet are quick in running after blood;
οξεις οι ποδες αυτων εκχεται αιμα

- 16 Kote yo pase se dega, se malè yo kite dèyè.
Destruction and trouble are in their ways;
 συντριμμα και ταλαιπωρια εν ταις οδοις αυτων
- 17 Yo pa konn ki jan pou yo viv byen ak moun.
And of the way of peace they have no knowledge:
 και οδον ειρηνης ουκ εγνωσαν
- 18 Yo mete nan tèt yo pa gen rezon pou gen krentif Bondye.
There is no fear of God before their eyes.
 ουκ εστιν φοβος θεου απεναντι των οφθαλμων αυτων
- 19 ¶ Nou konnen egzijans lalwa se pou moun ki anba lalwa. Konsa, pa gen eskiz ki pou soti nan bouch pesonn: tout moun antò devan Bondye.
Now, we have knowledge that what the law says is for those who are under the law, so that every mouth may be stopped, and all men may be judged by God:
 οιδαμεν δε οτι οσα ο νομος λεγει τοις εν τω νομω λαλει ινα παν στομα φραγη και υποδικος γενηται πας ο κοσμος τω θεω
- 20 Se pa paske yon moun fè sa lalwa a mande kifè li inonsan devan Bondye. Poukisa? Paske lalwa annik fè nou konnen sa nou fè a pa bon.
Because by the works of the law no man is able to have righteousness in his eyes, for through the law comes the knowledge of sin.
 διοτι εξ εργων νομου ου δικαιωθησεται πασα σαρξ ενωπιον αυτου δια γαρ νομου επιγνωσις αμαρτιας
- 21 Men koulye a, Bondye fè nou wè ki jan li fè moun gras. Lalwa pa gen anyen pou wè nan sa. Se sa liv lalwa a ansanm ak liv pwofèt yo di nou tou.
But now without the law there is a revelation of the righteousness of God, to which witness is given by the law and the prophets;
 νυνι δε χωρις νομου δικαιοσυνη θεου πεφανερωται μαρτυρουμενη υπο του νομου και των προφητων
- 22 Se lè moun mete konfyans yo nan Jezikri Bondye fè yo gras. Li fè l' pou tout moun ki kwè nan Kris la, paske yo tout se menm.
That is, the righteousness of God through faith in Jesus Christ, to all those who have faith; and one man is not different from another,
 δικαιοσυνη δε θεου δια πιστεως ιησου χριστου εις παντας και επι παντας τους πιστευοντας ου γαρ εστιν διαστολη
- 23 Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouwva a.
For all have done wrong and are far from the glory of God;
 παντες γαρ ημαρτον και υστερουνται της δοξης του θεου
- 24 Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo.
And they may have righteousness put to their credit, freely, by his grace, through the salvation which is in Christ Jesus:
 δικαιουμενοι δωρεαν τη αυτου χαριτι δια της απολυτρωσεως της εν χριστω ιησου
- 25 Se li menm, Jezikri, Bondye te ofri tankou bèt pou touye. Li bay san li pou tout moun ki mete konfyans yo nan li ka resevwa padon pou peche yo. Bondye te vle moutre nou ki jan li fè moun gras.
Nan tan lontan, Bondye te pran pasyans, li te fèmen je l' sou peche moun te fè.
Whom God has put forward as the sign of his mercy, through faith, by his blood, to make clear his righteousness when, in his pity, God let the sins of earlier times go without punishment;
 ον προεθετο ο θεος ιλαστηριον δια της πιστεως εν τω αυτου αιματι εις ενδειξιν της δικαιοσυνης αυτου δια την παρεσιν των προγεγονοτων αμαρτηματων
- 26 Men koulye a, li moutre nou ki jan l'ap fè moun gras, paske li fè nou wè se li menm ki gen rezon, an menm tan l'ap fè tout moun ki kwè nan Jezi yo gras.
And to make clear his righteousness now, so that he might himself be upright, and give righteousness to him who has faith in Jesus.
 εν τη ανοχη του θεου προς ενδειξιν της δικαιοσυνης αυτου εν τω νυν καιρω εις το ιναι αυτον δικαιον και δικαιουντα τον εκ πιστεως ιησου
- 27 Bon. Nan kondisyon sa a, ki rezon moun genyen pou y'ap fè grandizè ankò? Pa genyen menm. Poukisa? Eske se paske yo fè sa lalwa mande? Non. Men, paske yo fè Bondye konfyans.
What reason, then, is there for pride? It is shut out. By what sort of law? of works? No, but by a law of faith.
 που ουν η καυχησις εξεκληισθη δια ποιου νομου των εργων ουχι αλλα δια νομου πιστεως
- 28 Nou kenbe sa nou di a: se paske yon moun gen konfyans nan Bondye kifè Bondye fè l' gras, se pa paske li fè sa lalwa mande.
For this reason, then, a man may get righteousness by faith without the works of the law.
 λογιζομεθα ουν πιστει δικαιουσθαι ανθρωπων χωρις εργων νομου
- 29 Eske Bondye se Bondye jwif yo sèlman? Eske li pa Bondye moun lòt nasyon yo tou? Men wi, li se Bondye moun lòt nasyon yo tou.
Or is God the God of Jews only? is he not in the same way the God of Gentiles? Yes, of Gentiles:
 η ιουδαιων ο θεος μονον ουχι δε και εθνων ναι και εθνων

- 30 Paske se yon sèl Bondye a ki genyen. L'ap fè moun ki sikonsi yo gras paske yo gen konfyans nan li. Konsa tou, l'ap fè moun ki pa sikonsi yo gras paske yo menm tou yo gen konfyans nan li.
If God is one; and he will give righteousness because of faith to those who have circumcision, and through faith to those who have not circumcision.
επειπερ εις ο θεος ος δικαιοσει περιτομην εκ πιστεως και ακροβυστιαν δια της πιστεως
- 31 Bon. Jan nou pale a, èske konfyans nan Bondye fè lalwa a pèdi valè li? Men non, okontrè, nou kanpe lalwa a pi rèd.
Do we, then, through faith make the law of no effect? in no way: but we make it clear that the law is important.
νομον ουν καταργουμεν δια της πιστεως μη γενοιτο αλλα νομον ιστωμεν
- 1 ¶ Kisa n'a di konsènan Abraram, granpapa nou? Kisa l' te jwenn?
What, then, may we say that Abraham, our father after the flesh, has got?
τι ουν ερουμεν αβρααμ τον πατερα ημων ευρηκεναι κατα σαρκα
- 2 Si se sa Abraram te fè a ki te fè Bondye fè l' gras, li ta mèt fè grandizè. Men, li pa ka fè sa devan Bondye.
For if Abraham got righteousness by works, he has reason for pride; but not before God.
ει γαρ αβρααμ εξ εργων εδικαιωθη εχει καυχημα αλλ ου προς τον θεον
- 3 Men sa ki ekri nan Liv la: Abraram te mete konfyans li nan Bondye, se poutèt sa Bondye fè l' gras.
But what does it say in the holy Writings? And Abraham had faith in God, and it was put to his account as righteousness.
τι γαρ η γραφη λεγει επιστευσεν δε αβρααμ τω θεω και ελογισθη αυτο εις δικαιοσυνην
- 4 Moun ki fè yon travay resewva lajan pou sa l' fè a. Lajan yo ba li a, se pa yon favè, ni se pa kado yo fè li. Se yon bagay yo dwe li.
Now, the reward is credited to him who does works, not as of grace but as a debt.
τω δε εργαζομενω ο μισθος ου λογιζεται κατα χαριν αλλα κατα το οφειλημα
- 5 Okontrè, moun ki pa fè okenn travay pou yo dwe li kichòy, men ki mete konfyans li nan Bondye sèlman, Bondye k'ap fè tout moun ki meprize l' yo gras, ap fè moun sa yo gras tou paske yo mete konfyans yo nan li.
But to him who without working has faith in him who gives righteousness to the evil-doer, his faith is put to his account as righteousness.
τω δε μη εργαζομενω πιστευοντι δε επι τον δικαιουντα τον ασεβη λογιζεται η πιστις αυτου εις δικαιοσυνην
- 6 Se sa David te vle di, lè l' deklare: yon moun Bondye fè gras san Bondye pa gade sou sa l' fè, se moun konsa ki beni:
As David says that there is a blessing on the man to whose account God puts righteousness without works, saying,
καθαπερ και δαβιδ λεγει τον μακαρισμον του ανθρωπου ω ο θεος λογιζεται δικαιοσυνην χωρις εργων
- 7 Ala bon sa bon pou moun lè Bondye padonnen peche yo, lè Bondye pa gade sou fòt yo fè!
Happy are those who have forgiveness for their wrongdoing, and whose sins are covered.
μακαριοι ων αφεθησαν αι ανομιαι και ων επεκαλυφθησαν αι αμαρτιαι
- 8 Ala bon sa bon pou yon moun lè Bondye pa mande l' kont pou sa li fè ki mal!
Happy is the man against whom no sin is recorded by the Lord.
μακαριος ανηρ ω ου μη λογισηται κυριος αμαρτιαν
- 9 ¶ Eske benediksyon sa a se pou moun ki sikonsi yo ase? Eske se pa pou moun ki pa sikonsi yo tou? Nou fèk sot di se paske Abraram te mete konfyans li nan Bondye kifè Bondye te fè l' gras.
Is this blessing, then, for the circumcision only, or in the same way for those who have not circumcision? for we say that the faith of Abraham was put to his account as righteousness.
ο μακαρισμος ουν ουτος επι την περιτομην η και επι την ακροβυστιαν λεγομεν γαρ οτι ελογισθη τω αβρααμ η πιστις εις δικαιοσυνην
- 10 Kilè sa te rive? Eske se te anvan Abraram te sikonsi an, osinon nan apre? Non. Se pa t' nan apre. Se te anvan li te sikonsi.
How, then, was it judged? when he had circumcision, or when he had it not? Not when he had it, but when he did not have it:
πως ουν ελογισθη εν περιτομη οντι η εν ακροβυστια ουκ εν περιτομη αλλ εν ακροβυστια
- 11 Se lontan apre sa Abraram te resewva sikonsizyon an tankou yon letanp. Se te mak ki te pou moutre Bondye te fè l' gras, paske li te kwè anvan menm li te sikonsi. Se poutèt sa Abraram se papa tout moun ki mete konfyans yo nan Bondye, menm si yo pa sikonsi. Moun sa yo, Bondye ap fè yo gras.
And he was given the sign of circumcision as a witness of the faith which he had before he underwent circumcision: so that he might be the father of all those who have faith, though they have not circumcision, and so that righteousness might be put to their account;
και σημειον ελαβεν περιτομης σφραγιδα της δικαιοσυνης της πιστεως της εν τη ακροβυστια εις το ειναι αυτον πατερα παντων των πιστευοντων δι ακροβυστιας εις το λογισθηναι και αυτοις την δικαιοσυνην

- 12 Abraram se papa moun ki sikonsi yo tou. Pa paske yo sikonsi ase, men paske yo menm tou yo swiv egzanp konfyans Abraram, papa nou, te gen nan Bondye anvan menm li te sikonsi.
And the father of circumcision to those who not only are of the circumcision, but who keep to the way of that faith which our father Abraham had before he underwent circumcision.
και πατερα περιτομης τοις ουκ εκ περιτομης μονον αλλα και τοις στοιχουσιν τοις ιγνεσιν της εν τη ακροβυστια πιστεως του πατρος ημων αβρααμ
- 13 Bondye te pwomèt Abraram ak pitit pitit li yo pou l' te ba yo tout latè pou eritaj. Bondye pa t' fè pwomès sa a paske Abraram te fè sa lalwa mande, men paske Abraram te gen konfyans nan li. Se sak fè Bondye te fè l' gras.
For God's word, that the earth would be his heritage, was given to Abraham, not through the law, but through the righteousness of faith.
ου γαρ δια νομου η επαγγελια τω αβρααμ η τω σπερματι αυτου το κληρονομον αυτον ειναι του κοσμου αλλα δια δικαιοσυνης πιστεως
- 14 Si sa Bondye te pwomèt la se te pou moun ki fè sa lalwa a mande, moun pa ta bezwen gen konfyans nan Bondye ankò; pwomès li a pèdi tout valè li.
For if they who are of the law are the people who get the heritage, then faith is made of no use, and the word of God has no power;
ει γαρ οι εκ νομου κληρονομοι κεκενωται η πιστις και κατηργηται η επαγγελια
- 15 Poukisa? Paske lalwa rale kòlè Bondye sou moun. Men, kote ki pa gen lalwa, moun pa ka dezobeyi lalwa.
For the outcome of the law is wrath; but where there is no law it will not be broken.
ο γαρ νομος οργην καταργαζεται ου γαρ ουκ εστιν νομος ουδε παραβασις
- 16 Konsa, Bondye fè pwomès la pou moun ki gen konfyans nan li. Se sak fè, pwomès la se yon favè Bondye pou tout pitit pitit Abraram yo, pa sèlman pou moun ki fè sa lalwa Moyiz la mande, men pou tout moun ki gen konfyans nan Bondye menm jan Abraram te gen konfyans nan li a. Abraram se papa nou tout,
For this reason it is of faith, so that it may be through grace; and so that the word of God may be certain to all the seed; not only to that which is of the law, but to that which is of the faith of Abraham, who is the father of us all,
δια τουτο εκ πιστεως ινα κατα χαριν εις το ειναι βεβαιαν την επαγγελιαν παντι τω σπερματι ου τω εκ του νομου μονον αλλα και τω εκ πιστεως αβρααμ ος εστιν πατηρ παντων ημων
- 17 ¶ Jan sa ekri nan Liv la: Mwen fè ou tounen zansèt moun anpil nasyon. Wi, Abraram se papa nou tout devan Bondye, li te mete konfyans li nan Bondye ki fè moun mouri yo leve vivan ankò, nan Bondye ki kreye tout bagay ki pa t' la.
(As it is said in the holy Writings, I have made you a father of a number of nations) before him in whom he had faith, that is, God, who gives life to the dead, and to whom the things which are not are as if they were.
καθως γεγραπται οτι πατερα πολλων εθνων τεθεικα σε κατεναντι ου επιστευσεν θεου του ζωοποιουντος τους νεκρους και καλουντος τα μη οντα ως οντα
- 18 Abraram te gen konfyans nan Bondye, li t'ap tann pwomès la, malgre lè sa a li pa t' gen okenn rezon pou l' te tann ankò. Se sak fè li tounen zansèt moun anpil nasyon dapre sa Bondye te di l': Pitit pitit ou yo va anpil.
Who without reason for hope, in faith went on hoping, so that he became the father of a number of nations, as it had been said, So will your seed be.
ος παρ ελπιδα επ ελπιδι επιστευσεν εις το γενεσθαι αυτον πατερα πολλων εθνων κατα το ειρημενον ουτως εσται το σπερμα σου
- 19 Lè sa a, Abraram te prèt pou gen santan sou tèt li. Men, konfyans li pa t' febli lè l' te gade kò l' ki te fin ale, epi pou l' te wè Sara, madanm li, ki pa t' ka fè pitit ankò.
And not being feeble in faith though his body seemed to him little better than dead (he being about a hundred years old) and Sarah was no longer able to have children:
και μη ασθενησας τη πιστει ου κατενοησεν το εαυτου σωμα ηδη νενεκρωμενον εκατονταετης που υπαρχων και την νεκρωσιν της μητρας σαρρας
- 20 Non, li pa t' pèdi konfyans nan Bondye, li pa t' janm mete nan tèt li pwomès Bondye a te ka pa rive. Okontrè, li te vin gen plis konfyans toujou; epi li t'ap chante lwanj Bondye.
Still, he did not give up faith in the undertaking of God, but was made strong by faith, giving glory to God,
εις δε την επαγγελιαν του θεου ου διεκριθη τη απιστια αλλ ενεδυναμωθη τη πιστει δους δοξαν τω θεω
- 21 Li te gen fèm konviksyon Bondye te gen pouwva pou l' te fè sa l' te pwomèt la.
And being certain that God was able to keep his word.
και πληροφορηθεις οτι ο επηγγελται δυνατος εστιν και ποιησαι
- 22 Se konsa, poutèt konfyans Abraram te gen nan Bondye a, Bondye fè l' gras.
For which reason it was put to his account as righteousness.
διο και ελογισθη αυτω εις δικαιοσυνην
- 23 ¶ Men, se pa pou Abraram sèlman yo te ekri pawòl sa yo: Li fè li gras.
Now, it was not because of him only that this was said,
ουκ εγραφη δε δι αυτον μονον οτι ελογισθη αυτω

- 24 Pawòl sa yo te ekri pou nou tou. L'ap fè nou gras tou, nou menm ki mete konfyans nou nan moun li fè soti vivan pami mò yo, Jezikri, Seyè nou an.
But for us in addition, to whose account it will be put, if we have faith in him who made Jesus our Lord come back again from the dead,
αλλα και δι ημας οις μελλει λογιζεσθαι τοις πιστευουσιν επι τον εγειραντα ιησουν τον κυριον ημων εκ νεκρων
- 25 Se Jezi sa a ki te mouri pou peche nou yo epi ki leve soti vivan ankò pou fè Bondye fè nou gras.
Who was put to death for our evil-doing, and came to life again so that we might have righteousness.
ος παρεδοθη δια τα παραπτωματα ημων και ηγερθη δια την δικαιοσιν ημων
- 1 ¶ Koulye a, paske nou gen konfyans nan Bondye, Bondye fè nou gras, n'ap viv san kè sote ak Bondye, gremesi Jezikri, Seyè nou an.
For which reason, because we have righteousness through faith, let us be at peace with God through our Lord Jesus Christ;
δικαιωθεντες ουν εκ πιστεως ειρηνην εχομεν προς τον θεον δια του κυριου ημων ιησου χριστου
- 2 Paske nou gen konfyans nan li, Jezi fè nou antre nan favè Bondye. Epi n'ap kenbe fèm kote nou kanpe a. Nou pa manke kontan paske nou gen espwa resewva pa nou nan pouvwa Bondye a ansanm avèk li.
Through whom, in the same way, we have been able by faith to come to this grace in which we now are; and let us have joy in hope of the glory of God.
δι ου και την προσαγωγήν εσηκαμεν τη πιστει εις την χαριν ταυτην εν η εστηκαμεν και καυχουμεθα επ ελπιδι της δοξης του θεου
- 3 Nou pa manke kontan menm lè n'ap souffri.
And not only so, but let us have joy in our troubles: in the knowledge that trouble gives us the power of waiting;
ου μονον δε αλλα και καυχουμεθα εν ταις θλιψεσιν ειδοτες οτι η θλιψις υπομονην καταργαζεται
- 4 Poukisa? Paske nou konnen lè n'ap souffri sa fè nou gen pasyans. Lè nou gen pasyans konsa, sa ban nou kouraj pou nou souffri. Plis nou gen kouraj, se plis nou gen espwa.
And waiting gives experience; and experience, hope:
η δε υπομονη δοκιμη η δε δοκιμη ελπιδα
- 5 Espwa sa a p'ap janm twonpe nou, paske Bondye te fè nou wè jan l' renmen nou lè li ban nou Sentespri li.
And hope does not put to shame; because our hearts are full of the love of God through the Holy Spirit which is given to us.
η δε ελπις ου καταισχυνει οτι η αγαπη του θεου εκκεχυται εν ταις καρδιαις ημων δια πνευματος αγιου του δοθεντος ημιν
- 6 ¶ Se konsa, lè nou pa t' kapab fè anyen pou tèt pa nou, Kris la mouri pou tout moun ki meprize Bondye, nan tan Bondye te fikse pou sa te rive a.
For when we were still without strength, at the right time Christ gave his life for evil-doers.
ετι γαρ χριστος οντων ημων ασθενων κατα καιρον υπερ ασεβων απεθανεν
- 7 Se pa fasil pou ou jwenn yon moun asepte mouri pou yon nonm ki gen rezon. Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen kouraj mouri pou yon nonm debyen.
Now it is hard for anyone to give his life even for an upright man, though it might be that for a good man someone would give his life.
μολις γαρ υπερ δικιου τις αποθανειται υπερ γαρ του αγαθου ταχα τις και τολμα αποθανειν
- 8 Sou pwèn sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.
But God has made clear his love to us, in that, when we were still sinners, Christ gave his life for us.
συνιστησιν δε την εαυτου αγαπην εις ημας ο θεος οτι ετι αμαρτωλων οντων ημων χριστος υπερ ημων απεθανεν
- 9 Se paske li bay san li pou nou kifè koulye a Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye.
Much more, if we now have righteousness by his blood, will salvation from the wrath of God come to us through him.
πολλω ουν μαλλον δικαιωθεντες νυν εν τω αιματι αυτου σωθησομεθα δι αυτου απο της οργης
- 10 Nou te lènmi ak Bondye lè Pitit Bondye a mouri pou l' te fè nou byen ak Bondye ankò. Koulye a nou se zanmi Bondye, nou pa bezwen mande si lavi Pitit Bondye a p'ap delivre nou.
For if, when we were haters of God, the death of his Son made us at peace with him, much more, now that we are his friends, will we have salvation through his life;
ει γαρ εχθροι οντες καταλλαγημεν τω θεω δια του θανατου του υιου αυτου πολλω μαλλον καταλλαγεντες σωθησομεθα εν τη ζωη αυτου
- 11 Epi se pa sa sèlman. Nou jwenn tout plezi nou nan Bondye, gremesi Jezikri, Seyè nou an, ki fè nou byen ak Bondye ankò depi koulye a.
And not only so, but we have joy in God through our Lord Jesus Christ, through whom we are now at peace with God.
ου μονον δε αλλα και καυχουμενοι εν τω θεω δια του κυριου ημων ιησου χριστου δι ου νυν την καταλλαγήν ελαβομεν
- 12 Se poutèt yon sèl moun peche antre sou latè. Peche a louvri pòt pou lanmò. Se konsa lanmò vin pou tout moun, paske tout moun fè peche.
For this reason, as through one man sin came into the world, and death because of sin, and so death came to all men, because all have done evil:
δια τουτο ωσπερ δι ενος ανθρωπου η αμαρτια εις τον κοσμον εισηλθεν και δια της αμαρτιας ο θανατος και ουτως εις παντας ανθρωπους ο θανατος διηλθεν εφ ω παντες ημαρτον

- 13 **Peche te deja sou latè lontan anvan Lalwa Moyiz la. Men, paske pa t' gen lalwa, Bondye te fèmen je l' sou peche.**
Because, till the law came, sin was in existence, but sin is not put to the account of anyone when there is no law to be broken.
αχρι γαρ νομου αμαρτια ην εν κοσμω αμαρτια δε ουκ ελλογεται μη οντος νομου
- 14 **Men, soti nan tan Adan rive nan tan Moyiz, lanmò te donminen sou tout moun, malgre yo pa t' fè peche tankou Adan ki te dezobeyi Bondye. Adan, se te pòtre moun ki te gen pou vini an.**
But still death had power from Adam till Moses, even over those who had not done wrong like Adam, who is a picture of him who was to come.
αλλ εβασιλευσεν ο θανατος απο αδαμ μεχρι μωσεως και επι τους μη αμαρτησαντας επι τω ομοιωματι της παραβασεως αδαμ ος εστιν τυπος του μελλοντος
- 15 **Men, peche Adan an pa menm bagay ak kado Bondye bay pou gremesi a. Se fòt yon sèl moun ki lakòz yon bann lòt moun mourì. Men, favè Bondye a gen plis pouvwa toujou. Gremesi yon sèl moun, Jezikri, Bondye bay anpil moun yon kado ki pi gwo toujou.**
But the free giving of God is not like the wrongdoing of man. For if, by the wrongdoing of one man death came to numbers of men, much more did the grace of God, and the free giving by the grace of one man, Jesus Christ, come to men.
αλλ ουχ ως το παραπτωμα ουτως και το χαρισμα ει γαρ τω του ενος παραπτωματι οι πολλοι απεθανον πολλω μαλλον η χαρις του θεου και η δωρεα εν χαριτι τη του ενος ανθρωπου ιησου χριστου εις τους πολλους επερισσευσεν
- 16 **Gen yon lòt diferans ankò ant kado Bondye a ak konsekans peche Adan an. Apre yon sèl moun te fin peche, lè yo jije moun, yo tout tonbe anba kondannasyon. Men, apre tout kantite peche moun fè, Bondye fè yo yon favè, li fè yo gras.**
And the free giving has not the same effect as the sin of one: for the effect of one man's sin was punishment by the decision of God, but the free giving had power to give righteousness to wrongdoers in great number.
και ουχ ως δι ενος αμαρτησαντος το δωρημα το μεν γαρ κριμα εξ ενος εις κατακριμα το δε χαρισμα εκ πολλων παραπτωματος εις δικαιομα
- 17 **Se vre wi. Poutèt peche yon sèl moun, lanmò te donminen akòz li menm sèlman. Men, gremesi yon sèl moun tou, Jezikri, nou jwenn plis toujou: tout moun ki resevwa favè Bondye a an kantite, tout moun ki resevwa kado Bondye a lè li fè yo gras, yo gen pou yo viv, pou yo donminen akòz Kris la.**
For, if by the wrongdoing of one, death was ruling through the one, much more will those to whom has come the wealth of grace and the giving of righteousness, be ruling in life through the one, even Jesus Christ.
ει γαρ τω του ενος παραπτωματι ο θανατος εβασιλευσεν δια του ενος πολλω μαλλον οι την περισσειαν της χαριτος και της δωρεας της δικαιοσυνης λαμβανοντες εν ζωη βασιλευσουσιν δια του ενος ιησου χριστου
- 18 **Se sak fè menm jan fòt yon sèl moun lakòz tout moun kondannen, konsa tou gremesi yon sèl moun ki mache dwat devan Bondye, tout moun delivre anba jijman kondannasyon, yo jwenn lavi.**
So then, as the effect of one act of wrongdoing was that punishment came on all men, even so the effect of one act of righteousness was righteousness of life for all men.
αρα ουν ως δι ενος παραπτωματος εις παντας ανθρωπους εις κατακριμα ουτως και δι ενος δικαιοματος εις παντας ανθρωπους εις δικαιοσιν ζωης
- 19 **Si dezobeyisans yon sèl moun lakòz yon foul moun fè peche, konsa tou obeyisans yon sèl moun lakòz Bondye va fè anpil moun gras.**
Because, as numbers of men became sinners through the wrongdoing of one man, even so will great numbers get righteousness through the keeping of the word of God by one man.
ωσπερ γαρ δια της παρακοης του ενος ανθρωπου αμαρτωλοι κατασταθησαν οι πολλοι ουτως και δια της υπακοης του ενος δικαιοι κατασταθησονται οι πολλοι
- 20 **Lalwa antre nan koze a pou fè moun peche plis toujou. Men, kote moun fè plis peche a, se la favè Bondye a vide pi rèd sou yo.**
And the law came in addition, to make wrongdoing worse; but where there was much sin, there was much more grace:
νομος δε παρεισηληθεν ινα πλεοναση το παραπτωμα ου δε επλεονασεν η αμαρτια υπερεπερισσευσεν η χαρις
- 21 **Se sak fè, menm jan peche a te bay lanmò lè l' te donminen sou nou, konsa tou lè se favè Bondye a ki donminen sou nou, li ba yo lavi ki pa janm fini an, gremesi Jezikri, Seyè nou an.**
That, as sin had power in death, so grace might have power through righteousness to eternal life through Jesus Christ our Lord.
ινα ωσπερ εβασιλευσεν η αμαρτια εν τω θανατω ουτως και η χαρις βασιλευση δια δικαιοσυνης εις ζωην αιωνιον δια ιησου χριστου του κυριου ημων
- 1 **¶ Nan kondisyon sa a, kisa n'a di? Eske nou mèt kontinye ap viv toujou nan peche pou favè Bondye a ka vin pi plis toujou?**
What may we say, then? are we to go on in sin so that there may be more grace?
τι ουν ερομεν επιμενουμεν τη αμαρτια ινα η χαρις πλεοναση
- 2 **Non. Sa pa ka fèt. Poukisa? Paske annegad peche nou mourì. Ki jan pou n' ta ka kontinye ap viv toujou nan peche?**
In no way. How may we, who are dead to sin, be living in it any longer?
μη γενοιτο οτινες απεθανομεν τη αμαρτια πως ετι ζησομεν εν αυτη
- 3 **Eske nou pa konn sa: nou tout ki resevwa batèm pou n' te fè yonn ak Jezikri, avèk batèm sa a nou te fè yonn avè l' nan lanmò li.**
Or are you without the knowledge that all we who had baptism into Christ Jesus, had baptism into his death?
η αγνοειτε οτι οσοι εβαπτισθημεν εις χριστον ιησουν εις τον θανατον αυτου εβαπτισθημεν

- 4 Se sak fè, avèk batèm nou an nou te antere ansanm avè l', nou te mouri ansanm avè l' tou. Men, menm jan Papa a te fè l' leve sot nan lanmò avèk gwo fòs pouvwa li, konsa tou nou menm nou ka mennen yon lòt lavi.
We have been placed with him among the dead through baptism into death: so that as Christ came again from the dead by the glory of the Father, we, in the same way, might be living in new life.
συνεταφημεν ουν αυτω δια του βαπτισματος εις τον θανατον ινα ωσπερ ηγερθη χριστος εκ νεκρων δια της δοξης του πατρος ουτως και ημεις εν καινοτητι ζωης περιπατησωμεν
- 5 Menm jan nou fè yonn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri a, konsa tou n'a fè yonn avè li, paske n'a leve sot vivan nan lanmò tankou l' tou.
For, if we have been made like him in his death, we will, in the same way, be like him in his coming to life again;
ει γαρ συμφυτοι γεγοναμεν τω ομοιωματι του θανατου αυτου αλλα και της αναστασεως εσομεθα
- 6 Nou konn sa byen: vye moun nou te ye anvan an, sa mouri avèk Kris la sou kwa a. Konsa, sa nou gen nan kò nou ki te konn fè nou fè peche a fini. Nou pa esklav peche ankò.
Being conscious that our old man was put to death on the cross with him, so that the body of sin might be put away, and we might no longer be servants to sin.
τουτο γινωσκοντες οτι ο παλαιος ημων ανθρωπος συνεσταυρωθη ινα καταργηθη το σωμα της αμαρτιας του μηκει δουλευειν ημας τη αμαρτια
- 7 Lè yon moun mouri, li delivre anba pouvwa peche a.
Because he who is dead is free from sin.
ο γαρ αποθανων δεδικαιωται απο της αμαρτιας
- 8 Si nou mouri ansanm ak Kris la, nou kwè nava viv tou ansanm avè li.
But if we are dead with Christ, we have faith that we will be living with him;
ει δε απεθανομεν συν χριστω πιστευομεν οτι και συζησομεν αυτω
- 9 Nou konnen Kris la te leve sot vivan nan lanmò, li pa gen pou l' mouri ankò; lanmò pa gen okenn pouvwa sou li.
Having knowledge that because Christ has come back from the dead, he will never again go down to the dead; death has no more power over him.
ειδοτες οτι χριστος εγερθεις εκ νεκρων ουκει αποθνησκει θανατος αυτου ουκει κυριευει
- 10 Lè l' te mouri, se pou peche li te mouri. Li mouri yon sèl fwa, li p'ap janm mouri ankò. Koulye a l'ap viv, se pou Bondye l'ap viv.
For his death was a death to sin, but his life now is a life which he is living to God.
ο γαρ απεθανεν τη αμαρτια απεθανεν εφραπαξ ο δε ζη ζη τω θεω
- 11 Konsa tou, nou menm, konsidere tèt nou tankou moun ki deja mouri annegad peche epi k'ap viv pou Bondye ansanm avèk Jezikri.
Even so see yourselves as dead to sin, but living to God in Christ Jesus.
ουτως και υμεις λογιζεσθε εαυτους νεκρους μεν ειναι τη αμαρτια ζωντας δε τω θεω εν χριστω ιησου τω κυριω ημων
- 12 Pa kite peche donminen sou kò nou ki gen pou mouri a, pou l' fè nou fè tou sa kò a anvi fè.
For this cause do not let sin be ruling in your body which is under the power of death, so that you give way to its desires;
μη ουν βασιλευετω η αμαρτια εν τω θνητω υμων σωματι εις το υπακουειν αυτη εν ταις επιθυμιας αυτου
- 13 Pa lage okenn pati nan kò nou nan peche, pou peche a pa sèvi avè l' pou fè sa ki mal. Okontrè, tankou moun ki delivre anba lanmò epi k'ap viv, ann lage kò nou nan men Bondye. Wi, mete tout pati nan kò nou nan men Bondye pou l' ka sèvi ak yo pou fè sa ki byen.
And do not give your bodies to sin as the instruments of wrongdoing, but give yourselves to God, as those who are living from the dead, and your bodies as instruments of righteousness to God.
μηδε παριστανετε τα μελη υμων οπλα αδικιας τη αμαρτια αλλα παραστησατε εαυτους τω θεω ως εκ νεκρων ζωντας και τα μελη υμων οπλα δικαιοσυνης τω θεω
- 14 Peche pa dwe donminen sou nou, paske nou pa anba pouvwa lalwa Moyiz la ankò, se anba favè Bondye a nou ye.
For sin may not have rule over you: because you are not under law, but under grace.
αμαρτια γαρ υμων ου κυριευσει ου γαρ εστε υπο νομον αλλ υπο χαριν
- 15 Kisa sa vle di menm? Paske nou pa anba lalwa Moyiz la ankò men anba favè Bondye a, èske nou ta mèt fè peche pou sa? Men non.
What then? are we to go on in sin because we are not under law but under grace? Let it not be so.
τι ουν αμαρτησομεν οτι ουκ εσμεν υπο νομον αλλ υπο χαριν μη γενοιτο
- 16 Nou konn sa byen: Si nou lage tèt nou nan men yon moun pou nou sèvi l' esklav pou n' obeyi l', nou tounen esklav moun n'ap obeyi a. Si nou lage kò nou nan peche, nou tounen esklav peche k'ap fè nou jwenn ak lanmò. Men, si nou lage kò nou nan obeyi Bondye, n'a esklav obeyisans k'ap fè nou mache dwat devan Bondye.
Are you not conscious that you are the servants of him to whom you give yourselves to do his desire? if to sin, the end being death, or if to do the desire of God, the end being righteousness.
ουκ οιδατε οτι ω παριστανετε εαυτους δουλους εις υπακοην δουλοι εστε ω υπακουετε ητοι αμαρτιας εις θανατον η υπακοης εις δικαιοσυνην

- 17 Men, ann di mèsi Bondye! Paske yon lè nou menm nou te esklav peche; men koulye a, egzanp nou jwenn nan sa yo te moutre nou an, n'ap swiv li ak tout kè nou.
But praise be to God that though you were the servants of sin, you have now given yourselves freely to that form of teaching under which you were placed;
χαρις δε τω θεω οτι ητε δουλοι της αμαρτιας υπηκουσατε δε εκ καρδιας εις ον παρεδοθητε τυπον διδασχης
- 18 Nou delivre anba peche. Koulye a se esklav sa ki byen nou ye.
And being made free from sin you have been made the servants of righteousness.
ελευθερωθεντες δε απο της αμαρτιας εδουλωθητε τη δικαιοσυνη
- 19 M'ap pale ak nou tankou lèzòm ta pale paske nou fèb nan kò nou. Te gen yon lè nou te lage tout kò nou nan fè move bagay ak mechnaste, tankou moun ki esklav yo pou n' te fè sa ki mal. Konsa tou koulye a, ann lage tout kò nou nan fè sa ki byen, tankou moun ki esklav Bondye pou n' ka viv apa pou li.
I am using words in the way of men, because your flesh is feeble: as you gave your bodies as servants to what is unclean, and to evil to do evil, so now give them as servants to righteousness to do what is holy.
ανθρωπινον λεγω δια την ασθενειαν της σαρκος υμων ωσπερ γαρ παρεστησατε τα μελη υμων δουλα τη ακαθαρσια και τη ανομια εις την ανομιαν ουτως νυν παραστησατε τα μελη υμων δουλα τη δικα ιοσυνη εις αγιασμον
- 20 Lè n' te esklav peche a, nou pa t' gen okenn obligasyon pou n' te fè sa ki byen.
When you were servants of sin you were free from righteousness.
οτε γαρ δουλοι ητε της αμαρτιας ελευθεροι ητε τη δικαιοσυνη
- 21 Lè sa a, kisa n' te fè? Nou t'ap fè bagay ki fè nou wont jòdi a. Bagay sa yo fè nou jwenn ak lanmò.
What fruit had you at that time in the things which are now a shame to you? for the end of such things is death.
τινα ουν καρπον εχετε τοτε εφ οις νυν επαισχυνεσθε το γαρ τελος εκεινων θανατος
- 22 Men, koulye a nou delivre anba peche a, nou se esklav Bondye, se sak fè n'ap viv apa pou Bondye; epi bout pou bout n'a resevwa lavi ki p'ap janm fini an.
But now, being free from sin, and having been made servants to God, you have your fruit in that which is holy, and the end is eternal life.
νυν δε ελευθερωθεντες απο της αμαρτιας δουλωθεντες δε τω θεω εχετε τον καρπον υμων εις αγιασμον το δε τελος ζωην αιωνιον
- 23 Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kadò Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini.
For the reward of sin is death; but what God freely gives is eternal life in Jesus Christ our Lord.
τα γαρ οψωνια της αμαρτιας θανατος το δε χαρισμα του θεου ζωη αιωνιος εν χριστω ιησου τω κυριω ημων
- 1 ¶ Frè m' yo, mwen sèten nou konnen sa m' pral di nou la a deja, paske nou konn lalwa a: Se toutotan yon moun ap viv lalwa gen pouvwa sou li.
Is it not clear, my brothers (I am using an argument to those who have knowledge of the law), that the law has power over a man as long as he is living?
η αγνοειτε αδελφοι γινωσκουσιν γαρ νομον λαλω οτι ο νομος κυριευει του ανθρωπου εφ οσον χρονον ζη
- 2 M'ap pran yon egzanp: yon madan marye gen angajman avèk mari l' devan lalwa toutotan mari a vivan. Men, si mari a mouri, madanm lan lib devan lalwa annegad mari a.
For the woman who has a husband is placed by the law under the power of her husband as long as he is living; but if her husband is dead, she is free from the law of the husband.
η γαρ υπανδρος γυνη τω ζωντι ανδρι δεδεται νομω εαν δε αποθανη ο ανηρ καταργηται απο του νομου του ανδρος
- 3 Si pandan mari a vivan toujou, madanm lan vin fanm yon lòt gason, y'ap rele madanm lan adiltè. Men, si mari a mouri, li lib devan lalwa. Lè sa a, si l' vin fanm yon lòt gason, li pa yon adiltè.
So if, while the husband is living, she is joined to another man, she will get the name of one who is untrue to her husband: but if the husband is dead, she is free from the law, so that she is not untrue, even if she takes another man.
αρα ουν ζωντος του ανδρος μοιχαλις χρηματισει εαν γενηται ανδρι ετερω εαν δε αποθανη ο ανηρ ελευθερα εστιν απο του νομου του μη ειναι αυτην μοιχαλιδα γενομενη ανδρι ετερω
- 4 Se menm jan an tou pou nou menm, frè m' yo. Nou mouri ansanm ak kò Kris la annegad lalwa. Konsa, nou lib pase nan men yon lòt mèt. Koulye a, se nan men moun ki te leve soti vivan nan lanmò a nou ye pou nou ka viv yon jan ki itil pou Bondye.
In the same way, my brothers, you were made dead to the law through the body of Christ, so that you might be joined to another, even to him who came again from the dead, so that we might give fruit to God.
ωστε αδελφοι μου και υμεις εθανατωθητε τω νομω δια του σωματος του χριστου εις το γενεσθαι υμας ετερω τω εκ νεκρων εγερθεντι ινα καρποφορησωμεν τω θεω
- 5 Lè n' t'ap viv anba pouvwa lachè, tout vye dezi lalwa te fè leve nan kè nou yo t'ap travay nan tout kò nou, yo te fè nou fè bagay ki t'ap mennen nou nan lanmò.
For when we were in the flesh, the evil passions which came into being through the law were working in our bodies to give the fruit of death.
οτε γαρ ημεν εν τη σαρκι τα παθηματα των αμαρτιων τα δια του νομου ενηργειτο εν τοις μελεσιν ημων εις το καρποφορησαι τω θανατω

- 6 Koulve a, nou pa gen angajman ak lalwa ankò. Nou mouri annegad lalwa ki te kenbe nou prizonye a. Se sak fè nou ka sèvi Bondye yon lòt jan, anba otorite Sentespri a. Nou p'ap sèvi l' ankò jan n' te konn sèvi l' nan tan lontan an, anba otorite lalwa ki ekri nan Liv la.
But now we are free from the law, having been made dead to that which had power over us; so that we are servants in the new way of the spirit, not in the old way of the letter.
νυνι δε κατηργηθημεν απο του νομου αποθανοντες εν ω καταχομεθα ωστε δουλευειν ημας εν καινοτητι πνευματος και ου παλαιοτητι γραμματος
- 7 ¶ Nan kondisyon sa a, kisa n'a di? Eske lalwa se peche? Non, wete sa nan tèt ou. Men, se lalwa a ki fè m' konnen sa peche ye. Se konsa mwen pa ta janm konnen kisa ki rele gen lanvi, si lalwa pa t' di m': Piga ou janm pote lanvi sou sak pa pou nou.
What then is to be said? is the law sin? in no way. But I would not have had knowledge of sin but for the law: for I would not have been conscious of desire if the law had not said, You may not have a desire for what is another's.
τι ουν εροουμεν ο νομος αμαρτια μη γενοιτο αλλα την αμαρτιαν ουκ εγνων ει μη δια νομου την τε γαρ επιθυμιαν ουκ ηδειν ει μη ο νομος ελεγεν ουκ επιθυμεις
- 8 Peche a pwofite okazyon kòmandman an pou l' fè m' gen tout kalite lanvi nan kè mwen. San lalwa a, peche mouri.
But sin, taking its chance through that which was ordered by the law, was working in me every form of desire: because without the law sin is dead.
αφορμην δε λαβουσα η αμαρτια δια της εντολης καταργασατο εν εμοι πασαν επιθυμιαν χωρις γαρ νομου αμαρτια νεκρα
- 9 Pou mwen menm, nan tan lontan, lè m' te san lalwa, mwen te vivan. Men, lè kòmandman an vin rive, peche a vin vivan ankò.
And there was a time when I was living without the law: but when the law gave its orders, sin came to life and put me to death;
εγω δε εζων χωρις νομου ποτε ελθουσης δε της εντολης η αμαρτια ανεζησεν εγω δε απεθανον
- 10 Epi mwen menm, mwen mouri. Se konsa kòmandman ki te pou ban m' lavi a, se li menm ki ban m' lanmò.
And I made the discovery that the law whose purpose was to give life had become a cause of death:
και ευρεθη μοι η εντολη η εις ζωνν αυτη εις θανατον
- 11 Peche a pwofite okazyon an, li twonpe m' ak kòmandman an. Se konsa, li fè mwen mouri ak tout kòmandman an.
For I was tricked and put to death by sin, which took its chance through the law.
η γαρ αμαρτια αφορμην λαβουσα δια της εντολης εξηπατησεν με και δι αυτης απεκτεινεν
- 12 Men, lalwa a se yon bagay ki soti nan Bondye. Kòmandman an tou, se Bondye ki bay li, se konsa li dwat epi li bon.
But the law is holy, and its orders are holy, upright, and good.
ωστε ο μεν νομος αγιος και η εντολη αγια και δικαια και αγαθη
- 13 Eske nou ka di sa ki bon an tounen yon kòz lanmò pou nou? Non, monchè! Men, se peche ki lakòz sa. Peche fè nou wè sa li menm li ye vre: li sèvi ak sa ki bon an pou l' fè mwen mouri. Se konsa, avèk kòmandman an, peche a kanpe pi rèd toujou.
Was then that which is good, death to me? In no way. But the purpose was that sin might be seen to be sin by working death to me through that which is good; so that through the orders of the law sin might seem much more evil.
το ουν αγαθον εμοι γεγονεν θανατος μη γενοιτο αλλα η αμαρτια ινα φανη αμαρτια δια του αγαθου μοι καταργαζομενη θανατον ινα γενηται καθ υπερβολην αμαρτωλος η αμαρτια δια της εντολης
- 14 ¶ Nou konnen lalwa li menm, se yon bagay ki soti nan Lespri Bondye. Men, mwen menm, mwen se yon kò ki tou fèb, peche fin anpare m', li fè m' tounen esklav li.
For we are conscious that the law is of the spirit; but I am of the flesh, given into the power of sin.
οιδαμεν γαρ οτι ο νομος πνευματικος εστιν εγω δε σαρκικος εμι πεπραμενος υπο την αμαρτιαν
- 15 Lè m' fè yon bagay, mwen pa konprann sa m' fè a. Paske, sa m' ta vle fè a, se pa sa m' fè. Epi sa m' pa vle fè a, se li mwen fè.
And I have no clear knowledge of what I am doing, for that which I have a mind to do, I do not, but what I have hate for, that I do.
ο γαρ καταργαζομαι ου γινωσκω ου γαρ ο θελω τουτο πρασσω αλλ ο μισω τουτο ποιω
- 16 Si sa m' pa t' vle fè a se li mwen fè, sa vle di mwen dakò lalwa a bon.
But, if I do that which I have no mind to do, I am in agreement with the law that the law is good.
ει δε ο ου θελω τουτο ποιω συμφημι τω νομω οτι καλος
- 17 Nan kondisyon sa a, se pa mwen ki fè sa ki fèt la, men se peche ki nan mwen an ki fè li.
So it is no longer I who do it, but the sin living in me.
νυνι δε ουκειτ εγω καταργαζομαι αυτο αλλ η οικουσα εν εμοι αμαρτια
- 18 Sa se bagay mwen konnen: Nanpwen anyen ki bon nan mwen, nan tout kò mwen. Mwen di sa, paske menm lè mwen vle fè sa ki byen, mwen pa santi m' kapab fè li.
For I am conscious that in me, that is, in my flesh, there is nothing good: I have the mind but not the power to do what is right.
οιδα γαρ οτι ουκ οικει εν εμοι τουτεστιν εν τη σαρκι μου αγαθον το γαρ θελειν παρακειται μοι το δε καταργαζεσθαι το καλον ουχ ευρισκω

- 19 Mwen pa fè byen mwen vle fè a, men mwen fè mal mwen pa vle fè a.
For the good which I have a mind to do, I do not: but the evil which I have no mind to do, that I do.
 ου γαρ ο θελω ποιω αγαθον αλλ ο ου θελω κακον τουτο πρασσω
- 20 Epi, si m' fè mal mwen pa vle fè a, se pa mwen ki fè l', men se peche ki nan mwen an ki fè li.
But if I do what I have no mind to do, it is no longer I who do it, but the sin living in me.
 ει δε ο ου θελω εγω τουτο ποιω ουκετι εγω κατεργαζομαι αυτο αλλ η οικουσα εν εμοι αμαρτια
- 21 Pou mwen menm, mwen jwenn lwa sa a nan mwen: lè m' vle fè sa ki byen, se sa ki mal ase mwen santi m' ka fè.
So I see a law that, though I have a mind to do good, evil is present in me.
 ευρισκω αρα τον νομον τω θελοντι εμοι ποιειν το καλον οτι εμοι το κακον παρακειται
- 22 Nan fon kè m', mwen jwenn tout plezi m' nan lalwa Bondye a.
In my heart I take pleasure in the law of God,
 συνηδομαι γαρ τω νομω του θεου κατα τον εσω ανθρωπον
- 23 Men, nan tout kò m', mwen santi yon lòt lwa k'ap goumen ak lalwa mwen renmen an. Lwa sa a kenbe m' prizonye anba otorite peche a ki nan tout kò mwen.
But I see another law in my body, working against the law of my mind, and making me the servant of the law of sin which is in my flesh.
 βλεπω δε ετερον νομον εν τοις μελεσιν μου αντιστρατευομενον τω νομω του νοος μου και αιχμαλωτιζοντα με τω νομω της αμαρτιας τω οντι εν τοις μελεσιν μου
- 24 Ala malere mwen malere, mezanmi! Kilès ki va delivre m' anba kò sa a k'ap trennen m' nan lanmò?
How unhappy am I! who will make me free from the body of this death?
 ταιλαιπωρος εγω ανθρωπος τις με ρυσεται εκ του σωματος του θανατου τουτου
- 25 Gremesi Jezikri, Seyè nou an, mwen ka di: Mèsi Bondye! Konsa, men ki jan mwen ye: dapre konesans pa mwen, mwen se esklav lalwa Bondye a. Men, dapre sa m' santi nan tout kò mwen, mwen se esklav lalwa peche a.
I give praise to God through Jesus Christ our Lord. So with my mind I am a servant to the law of God, but with my flesh to the law of sin.
 ευχαριστω τω θεω δια ιησου χριστου του κυριου ημων αρα ουν αυτος εγω τω μεν νοι δουλευω νομω θεου τη δε σαρκι νομω αμαρτιας
- 1 ¶ Koulè a, nanpwen okenn kondannasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri.
For this cause those who are in Christ Jesus will not be judged as sinners.
 ουδεν αρα νυν κατακριμα τοις εν χριστω ιησου μη κατα σαρκα περιπατουσιν αλλα κατα πνευμα
- 2 Lalwa Sentespri a ap fè nou viv ansanm ak Jezikri, li delivre nou anba lalwa peche a ansanm ak anba lanmò.
For the law of the Spirit of life in Christ Jesus has made me free from the law of sin and death.
 ο γαρ νομος του πνευματος της ζωης εν χριστω ιησου ηλευθερωσεν με απο του νομου της αμαρτιας και του θανατου
- 3 Bagay lalwa Moyiz la pa t' kapab fè, paske kò lèzòm te rann li san fòs, se Bondye menm ki fè l': Bondye kondannen peche ki nan kò lèzòm lan, lè l' voye pwòp Pitit pa l' nan yon kò ki menm kò ak kò peche a, pou l' te ka fini nèt ak peche a.
For what the law was not able to do because it was feeble through the flesh, God, sending his Son in the image of the evil flesh, and as an offering for sin, gave his decision against sin in the flesh:
 το γαρ αδυνατον του νομου εν ω ησθενει δια της σαρκος ο θεος τον εαυτου υιον πεμψας εν ομοιωματι σαρκος αμαρτιας και περι αμαρτιας κατεκρινεν την αμαρτιαν εν τη σαρκι
- 4 Bondye te fè sa pou nou pa t' viv dapre sa moun jwenn nan kò yo, men dapre Lespri Bondye a, pou n' te ka satisfè tout egzijans lalwa a.
So that what was ordered by the law might be done in us, who are living, not in the way of the flesh, but in the way of the Spirit.
 ινα το δικαιομα του νομου πληρωθη εν ημιν τοις μη κατα σαρκα περιπατουσιν αλλα κατα πνευμα
- 5 Moun k'ap viv dapre sa lèzòm jwenn nan kò yo, se yon sèl bagay ki nan tèt yo: se egzijans kò a. Men, moun k'ap viv dapre Lespri Bondye a, se yon sèl bagay ki man tèt yo: se egzijans Lespri a.
For those who are living in the way of the flesh give their minds to the things of the flesh, but those who go in the way of the Spirit, to the things of the Spirit.
 οι γαρ κατα σαρκα οντες τα της σαρκος φρονουσιν οι δε κατα πνευμα τα του πνευματος
- 6 Lè ou kite egzijans kò a pran tèt ou, se mouri w'ap mouri. Men, lè ou kite egzijans Lespri a pran tèt ou, se viv w'ap viv ak kè poze.
For the mind of the flesh is death, but the mind of the Spirit is life and peace:
 το γαρ φρονημα της σαρκος θανατος το δε φρονημα του πνευματος ζωη και ειρηνη

- 7 Poukisa? Paske, lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li p'ap soumèt devan lalwa Bondye a, li p'ap ka soumèt menm.
Because the mind of the flesh is opposite to God; it is not under the law of God, and is not able to be:
διότι το φρονήμα της σαρκος εχθρα εις θεον τω γαρ νομω του θεου ουχ υποτασσεται ουδε γαρ δυναται
- 8 Moun ki soumèt devan egzijans kò yo pa kapab fè Bondye plezi.
So that those who are in the flesh are not able to give pleasure to God.
οι δε εν σαρκι οντες θεω αρεσαι ου δυνανται
- 9 Pou nou menm, nou p'ap viv dapre egzijans kò nou ankò, men dapre egzijans Lespri Bondye a, paske Lespri Bondye a nan nou. Si yon moun pa gen Lespri Kris la nan li, li pa pou Kris la.
You are not in the flesh but in the Spirit, if the Spirit of God is in you. But if any man has not the Spirit of Christ he is not one of his.
υμεις δε ουκ εστε εν σαρκι αλλ εν πνευματι ειπερ πνευμα θεου οικει εν υμιν ει δε τις πνευμα χριστου ουκ εχει ουτος ουκ εστιν αυτου
- 10 ¶ Men, si Kris la ap viv nan ou, kò ou te mèt mouri akòz peche a, Lespri Bondye a ap ba ou lavi, paske ou jwenn gras devan Bondye.
And if Christ is in you, the body is dead because of sin, but the Spirit is life because of righteousness.
ει δε χριστος εν υμιν το μεν σωμα νεκρον δι αμαρτιαν το δε πνευμα ζωη δια δικαιοσυνην
- 11 Si Lespri Bondye ki te fè Jezikri leve soti vivan nan lanmò a rete nan nou, li menm ki te fè Jezikri leve soti vivan nan lanmò a, li va bay kò nou yo ki la pou mouri a lavi tou, pa pounwa Lespri li a ki rete nan nou.
But if the Spirit of him who made Jesus come again from the dead is in you, he who made Christ Jesus come again from the dead will in the same way, through his Spirit which is in you, give life to your bodies which now are under the power of death.
ει δε το πνευμα του εγειραντος ιησουν εκ νεκρων οικει εν υμιν ο εγειρας τον χριστον εκ νεκρων ζωοποιησει και τα θνητα σωματα υμων δια το ενοικουν αυτου πνευμα εν υμιν
- 12 Se konsa, frè m' yo, nou gen yon dèt. Men, se pa kò a nou dwe. Se poutèt sa, nou pa dwe viv dapre egzijans kò a.
So then, my brothers, we are in debt, not to the flesh to be living in the way of the flesh:
αρα ουν αδελφοι οφειλεται εσμεν ου τη σαρκι του κατα σαρκα ζην
- 13 Si n'ap viv dapre egzijans kò a, n'a mouri. Men, si okontrè, pa pounwa Lespri Bondye n'ap swiv la, nou fè egzijans kò a mouri, n'a viv.
For if you go in the way of the flesh, death will come on you; but if by the Spirit you put to death the works of the body, you will have life.
ει γαρ κατα σαρκα ζητε μελλετε αποθνησκειν ει δε πνευματι τας πραξεις του σωματος θανατουτε ζησεσθε
- 14 Paske, tout moun Lespri Bondye a ap dirije, se pitit Bondye yo ye.
And all those who are guided by the Spirit of God are sons of God.
οσοι γαρ πνευματι θεου αγονται ουτοι εισιν υιοι θεου
- 15 Lespri Bondye ban nou an, se pa yon lespri k'ap fè nou esklav pou n'ap tranble devan Bondye toujou. Okontrè, Lespri Bondye a fè nou tounen pitit Bondye. Se li menm ki penmèt nou rele Bondye Papa.
For you did not get the spirit of servants again to put you in fear, but the spirit of sons was given to you, by which we say, Abba, Father.
ου γαρ ελαβετε πνευμα δουλειας παλιν εις φοβον αλλ ελαβετε πνευμα υιοθεσιας εν ω κραζομεν αββα ο πατηρ
- 16 Lespri Bondye a bay lespri pa nou an lasirans se pitit Bondye nou ye.
The Spirit is witness with our spirit that we are children of God:
αυτο το πνευμα συμμαρτυρει τω πνευματι ημων οτι εσμεν τεκνα θεου
- 17 ¶ Si se pitit Bondye nou ye, nou gen pòsyon pa nou nan eritaj Bondye te pwomèt moun pa l' yo, n'a resewva pa nou ansanm ak Kris la nan tou sa Bondye te sere pou li. Paske, si nou soufri ansanm ak li, n'a resewva lwanj nan men Bondye ansanm ak li tou.
And if we are children, we have a right to a part in the heritage; a part in the things of God, together with Christ; so that if we have a part in his pain, we will in the same way have a part in his glory.
ει δε τεκνα και κληρονομοι κληρονομοι μεν θεου συγκληρονομοι δε χριστου ειπερ συμπασχομεν ινα και συνδοξασθωμεν
- 18 Pou mwen, nou pa ka konpare sa n'ap soufri koulye a ak bèl bagay Bondye pral fè nou wè yo.
I am of the opinion that there is no comparison between the pain of this present time and the glory which we will see in the future.
λογιζομαι γαρ οτι ουκ αξια τα παθηματα του νυν καιρου προς την μελλουσαν δοξαν αποκαλυφθηνα εις ημας
- 19 Tout kreyasyon Bondye a ap tann konsa kilè pitit Bondye yo va parèt.
For the strong desire of every living thing is waiting for the revelation of the sons of God.
η γαρ αποκαραδοκια της κτισεως την αποκαλυψιν των υιων του θεου απεκδεχεται

- 20 Paske, tout kreyasyon an te tonbe pa fòs anba pouvwa bagay ki pa vo anyen an. Se pa paske li te vle l', men se akòz moun ki te vle l' konsa a. Men, li te toujou gen espwa,
For every living thing was put under the power of change, not by its desire, but by him who made it so, in hope
τη γαρ ματαιοτητι η κτισις υπεταγη ουχ εκουσα αλλα δια τον υποταξαντα επ ελπιδι
- 21 yon lè la delivre anba esklavaj pouvwa k'ap gate l' la, pou l' ka jwi bèl libète pitit Bondye yo.
That all living things will be made free from the power of death and will have a part with the free children of God in glory.
οτι και αυτη η κτισις ελευθερωθησεται απο της δουλειας της φθορας εις την ελευθεριαν της δοξης των τεκνων του θεου
- 22 Wi, nou konn sa: jouk jòdi a, tout kreyasyon an ap plenn, l'ap soufri tankou yon fanm ki gen doulè tranche.
For we are conscious that all living things are weeping and sorrowing in pain together till now.
οιδαμεν γαρ οτι πασα η κτισις συστεναζει και συνωδινει αγρι του νυν
- 23 Epi se pa li menm sèlman. Nou menm tou ki resevwa Sentespri Bondye a tankou premye kado Bondye fè nou, n'ap pouse gwo soupi nan kè nou pandan n'ap tann Bondye fin fè nou tounen pitit li nèt, fin delivre kò nou yo.
And not only so, but we who have the first fruits of the Spirit, even we have sorrow in our minds, waiting for the time when we will take our place as sons, that is, the salvation of our bodies.
ου μονον δε αλλα και αυτοι την απαρχην του πνευματος εχοντες και ημεις αυτοι εν εαυτοις στεναζομεν υιοθεσιαν απεκδεχομενοι την απολυτρωσιν του σωματος ημων
- 24 Paske, Bondye delivre nou, men nou menm n'ap tann toujou. Si nou wè sa n'ap tann lan, nou pa nan tann ankò. Ki moun k'ap rete tann sa li wè deja?
For our salvation is by hope: but hope which is seen is not hope: for who is hoping for what he sees?
τη γαρ ελπιδι εσωθημεν ελπις δε βλεπομενη ουκ εστιν ελπις ο γαρ βλεπει τις τι και ελπίζει
- 25 Men, si n'ap tann sa nou pa wè, n'ap tann li avèk pasyans.
But if we have hope for that which we see not, then we will be able to go on waiting for it.
ει δε ο ου βλεπομεν ελπίζομεν δι υπομονης απεκδεχομεθα
- 26 ¶ Se konsa tou, Lespri Bondye a vin ede nou, atout nou fèb la, paske nou pa konnen kisa pou n' mande lè n'ap lapriyè, ni ki jan pou nou lapriyè. Men, se Lespri Bondye a menm k'ap lapriyè Bondye pou nou. L'ap pouse gwo soupi moun pa ka esplike.
And in the same way the Spirit is a help to our feeble hearts: for we are not able to make prayer to God in the right way; but the Spirit puts our desires into words which are not in our power to say;
ωσαυτως δε και το πνευμα συναντιλαμβανεται ταις ασθενειαις ημων το γαρ τι προσευξομεθα καθο δει ουκ οιδαμεν αλλ αυτο το πνευμα υπερεντυγχανει υπερ ημων στεναγμοις αλαλητοις
- 27 Bondye menm ki konnen sa ki nan kè tout moun, li konnen kisa Lespri li a vle mande, paske sa Bondye vle a se sa Lespri li a ap mande pou tout moun k'ap viv pou Bondye.
And he who is the searcher of hearts has knowledge of the mind of the Spirit, because he is making prayers for the saints in agreement with the mind of God.
ο δε ερευνων τας καρδιας οιδεν τι το φρονημα του πνευματος οτι κατα θεον εντυγχανει υπερ αγιων
- 28 Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele.
And we are conscious that all things are working together for good to those who have love for God, and have been marked out by his purpose.
οιδαμεν δε οτι τοις αγαποσιν τον θεον παντα συνεργει εις αγαθον τοις κατα προθεσιν κλητοις ουσιν
- 29 ¶ Paske, moun Bondye te konnen depi davans pou moun pa l' yo, depi davans tou li te mete yo apa pou yo te kab sanble ak Pitit li a. Konsa, Pitit sa a pase pou premye pitit nan yon bann frè.
Because those of whom he had knowledge before they came into existence, were marked out by him to be made like his Son, so that he might be the first among a band of brothers:
οτι ους προεγνω και προωρισεν συμμορφους της εικονος του υιου αυτου εις το ειναι αυτον πρωτοτοκον εν πολλοις αδελφοις
- 30 Se konsa, Bondye rele tout moun li te mete apa depi davans yo, li fè yo gras epi moun li fè gras yo, li ba yo lwanj tou.
And those who were marked out by him were named; and those who were named were given righteousness; and to those to whom he gave righteousness, in the same way he gave glory.
ους δε προωρισεν τουτους και εκαλεσεν και ους εκαλεσεν τουτους και εδικαιωσεν ους δε εδικαιωσεν τουτους και εδοξασεν
- 31 ¶ Kisa n'a di ankò sou pwèn sa a? Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou?
What may we say about these things? If God is for us, who is against us?
τι ουν ερομεν προς ταυτα ει ο θεος υπερ ημων τις καθ ημων
- 32 Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li pou nou tout. Ki jan pou l' pa ta ban nou tout bagay avèk Pitit la tou pou gremesi?
He who did not keep back his only Son, but gave him up for us all, will he not with him freely give us all things?
ος γε του ιδιου υιου ουκ εφεισατο αλλ υπερ ημων παντων παρεδωκεν αυτον πως ουχι και συν αυτω τα παντα ημιν χαρισεται

- 33 **Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pesonn. Paske se Bondye menm ki fè yo gras!**
Who will say anything against the saints of God? It is God who makes us clear from evil;
 τις εγκαλεσει κατα εκλεκτων θεου θεος ο δικαιων
- 34 **Ki moun ki kab kondannen yo? Pesonn. Paske Jezikri te mouri. Sak pi rès ankò, li leve soti vivan nan lanmò, epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l'ap plede pou nou.**
Who will give a decision against us? It is Christ Jesus who not only was put to death, but came again from the dead, who is now at the right hand of God, taking our part.
 τις ο κατακρινων χριστος ο αποθανων μαλλον δε και εγερθεις ος και εστιν εν δεξια του θεου ος και εντυγχανει υπερ ημων
- 35 **Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an? Soufrans ka fè nou sa? Osinon, kè sere? Osinon, pèsekisyon? Osinon, grangou, mizè, gwo danje, lanmò? Dapre sa ki ekri nan Liv la:**
Who will come between us and the love of Christ? Will trouble, or pain, or cruel acts, or the need of food or of clothing, or danger, or the sword?
 τις ημας χωρισει απο της αγαπης του χριστου θλιψις η στενοχωρια η διωγμος η λιμος η γυμνοτης η κινδυνος η μαχαιρα
- 36 **Se poutèt ou, tout moun yo soti pou touye nou. Yo gade nou tankou mouton y'ap mennen labatwa.**
As it is said in the holy Writings, Because of you we are put to death every day; we are like sheep ready for destruction.
 καθως γεγραπται οτι ενεκα σου θανατουμεθα ολην την ημεραν ελογισθημεν ως προβατα σφαγης
- 37 **Men, sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, gremesi moun ki renmen nou an.**
But we are able to overcome all these things and more through his love.
 αλλ εν τουτοις πασιν υπερνικωμεν δια του αγαπησαντος ημας
- 38 **Paske, mwen gen lasirans anyen pa ka fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou: ni lanmò, ni lavi, ni zanj Bondye yo, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jòdi a, ni sa ki gen pou vini pita,**
For I am certain that not death, or life, or angels, or rulers, or things present, or things to come, or powers,
 πεπεισμαι γαρ οτι ουτε θανατος ουτε ζωη ουτε αγγελιοι ουτε αρχαι ουτε δυναμεις ουτε ενεστωτα ουτε μελλοντα
- 39 **ni pouvwa ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba tè a. Non. Pa gen anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka janm fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Seyè nou an.**
Or things on high, or things under the earth, or anything which is made, will be able to come between us and the love of God which is in Christ Jesus our Lord.
 ουτε υψωμα ουτε βαθος ουτε τις κτισις ετερα δυνησεται ημας χωρισαι απο της αγαπης του θεου της εν χριστω ιησου τω κυριω ημων
- 1 **¶ Se vre wi, sa m'ap di nou la a. Mwen se moun Kris la, mwen p'ap bay manti. Epi, konsyans mwen ki anba pouvwa Sentespri a ta repwoche m' anpil si m' t'ap bay manti.**
I say what is true in Christ, and not what is false, my mind giving witness with me in the Holy Spirit,
 αληθειαν λεγω εν χριστω ου ψευδομαι συμμαρτυρουσης μοι της συνειδησεως μου εν πνευματι αγιω
- 2 **Kè m' sere anpil, se pa yon ti lapenn mwen santi k'ap manje m' tout tan.**
That I am full of sorrow and pain without end.
 οτι λυπη μοι εστιν μεγαλη και αδιαλειπτος οδυνη τη καρδια μου
- 3 **Mwen ta pito wè m' tonbe anba madichon Bondye, mwen ta pito pèdi renmen Kris la gen pou mwen an si sa te ka sèvi pou byen frè m' yo, moun menm ras avè mwen yo.**
For I have a desire to take on myself the curse for my brothers, my family in the flesh:
 ηυχομην γαρ αυτος εγω αναθεμα ειναι απο του χριστου υπερ των αδελφων μου των συγγενων μου κατα σαρκα
- 4 **Yo se pitit pitit Izrayèl; Bondye te chwazi yo pou pwòp pitit li. Se nan mitan yo Bondye te fè tout bèl mèvèy li yo. Se ak yo li te pase kontra li yo. Li te ba yo lalwa. Li te moutre yo jan pou yo sèvi l'; se yo ki te resevwa pwomès li yo.**
Who are Israelites: who have the place of sons, and the glory, and the agreements with God, and the giving of the law, and the worship, and the hope offered by God:
 οτινες εισιν ισραηλιται ον η υιοθεσια και η δοξα και αι διαθηκαι και η νομοθεσια και η λατρευια και αι επαγγελιαι
- 5 **Yo se pitit pitit zansèt nou yo. Se nan ras yo Kris la soti lè l' te fèt tankou yon nonm. Lwanj pou tout tan pou li menm ki Bondye sou tout bagay. Amèn.**
Whose are the fathers, and of whom came Christ in the flesh, who is over all, God, to whom be blessing for ever. So be it.
 ον οι πατερες και εξ ον ο χριστος το κατα σαρκα ο ον επι παντων θεος ευλογητος εις τους αιωνας αμην
- 6 **¶ Lè m' di sa, sa pa vle di Bondye p'ap kenbe pwomès li ankò. Se pa tout pitit pitit Izrayèl yo ki fè pati pèp Bondye a.**
But it is not as if the word of God was without effect. For they are not all Israel, who are of Israel:
 ουχι οιον δε οτι εκπετωκεν ο λογος του θεου ου γαρ παντες οι εξ ισραηλ ουτοι ισραηλ

- 7 Se pa tout pitit pitit Abraram yo ki bon pitit pou li, paske Bondye te di Abraram, dapre sa ki ekri nan Liv la: Se Izarak ki va fè pitit pitit mwen te pwomèt ou yo.
And they are not all children because they are the seed of Abraham; but, In Isaac will your seed be named.
ουδ̄ οτι εῑσιν σπερμα αβρααμ παντες τεκνα αλλ̄ εν̄ ισαακ κληθησεται σοι σπερμα
- 8 Sa vle di: tout pitit ki fèt dapre egzijans natirèl kò a pa pitit Bondye. Se sèlman pitit ki fèt dapre pwomès Bondye a ki bon pitit pitit li.
That is, it is not the children of the flesh, but the children of God's undertaking, who are named as the seed.
τουτεστιν ου τα τεκνα της σαρκος ταυτα τεκνα του θεου αλλα τα τεκνα της επαγγελιας λογιζεται εις σπερμα
- 9 Men ki jan Bondye te fè pwomès la: Lè konsa, lanne k'ap vini an, m'a tounen. Lè sa a Sara va gen tan gen yon pitit gason.
For this is the word of God's undertaking, At this time will I come, and Sarah will have a son.
επαγγελιας γαρ ο λογος ουτος κατα τον καιρον τουτον ελευσομαι και εσται τη σαρρα υιος
- 10 Gen lòt pawòl toujou pou di sou pwèn sa a: Rebeka te fè de pitit gason pou yon sèl papa, Izarak granpapa nou.
And not only so, but Rebecca being about to have a child by our father Isaac--
ου μονον δε αλλα και ρεβεκκα εξ̄ ενος κοιτην εχουσα ισαακ του πατρος ημων
- 11 -(we vèsè pwochen)
Before the children had come into existence, or had done anything good or bad, in order that God's purpose and his selection might be effected, not by works, but by him whose purpose it is,
μηπω γαρ γεννηθεντων μηδε πραξαντων τι αγαθον η κακον ινα η κατ̄ εκλογην του θεου προθεσις μενη ουκ̄ εξ̄ εργαων αλλ̄ εκ του καλουντος
- 12 Men, Bondye gen jan pa l' pou l' chwazi moun. Bondye pa chwazi yon moun paske moun lan fè anyen pou sa, men paske Bondye vle chwazi li. Enben, pou fè nou wè se konsa li toujou fè, Bondye pale ak Rebeka anvan menm timoun yo te fèt, anvan menm yo te fè anyen ni an byen ni an mal. Li di l' konsa: Pi gran an gen pou sèvi pi piti a.
It was said to her, The older will be the servant of the younger.
ερρηθη αυτη οτι ο μειζων δουλευσει τω ελασσονι
- 13 Dapre sa ki te ekri: Mwen renmen Jakòb, mwen rayi Ezaou.
Even as it is said, I had love for Jacob, but for Esau I had hate.
καθως γεγραπται τον ιακωβ ηγαπησα τον δε ησαυ εμισησα
- 14 ¶ Bon, kisa sa vle di? Bondye gen lè ap fè lenjistis? Men non.
What may we say then? is God not upright? let it not be said.
τι ουν εροουμεν μη̄ αδικια παρα τω θεω μη̄ γενοιτο
- 15 Chonje sa Bondye te di Moyiz: M'a gen pitye pou moun mwen vle gen pitye, M'a louvri kè m' pou moun mwen vle.
For he says to Moses, I will have mercy on whom I will have mercy, and pity on whom I will have pity.
τω γαρ μοση λεγει ελεησω ον αν̄ ελεω και οικτειρησω ον αν̄ οικτειρω
- 16 Se sak fè, bagay konsa pa gade lèzòm, ou mèt tande yo vle, ou mèt tande yo fè. Se bagay ki gade Bondye sèlman, li menm ki gen kè sansib.
So then, it is not by the desire or by the attempt of man, but by the mercy of God.
αρα ουν ου του θελοντος ουδε του τρεχοντος αλλα του ελεουντος θεου
- 17 Paske nan Liv la, men sa Bondye di farawon an: Se mwen ki fè ou wa tout espri, pou lè moun wè ou, yo ka wè pouwva mwen, pou moun ka mache fè konnen non mwen toupatou sou latè.
For the holy Writings say to Pharaoh, For this same purpose did I put you on high, so that I might make my power seen in you, and that there might be knowledge of my name through all the earth.
λεγει γαρ η γραφη τω φαρωα οτι εις αυτο τουτο εξηγειρα σε οπως ενδειξωμαι εν σοι την δυναμιν μου και οπως διαγγελη το ονομα μου εν παση τη γη
- 18 Konsa, Bondye gen pitye pou moun li vle, li fè moun li vle kenbe tèt ak li.
So then, at his pleasure he has mercy on a man, and at his pleasure he makes the heart hard.
αρα ουν ον θελει ελεει ον δε θελει σκληρυνει
- 19 Koulye a, n'a mande m': Si se konsa, kisa Bondye gen pou repwoche moun? Ki moun ki janm kenbe tèt ak Bondye?
But you will say to me, Why does he still make us responsible? who is able to go against his purpose?
ερεις ουν μοι τῑ ετῑ μεμφεται τω γαρ βουληματι αυτου τις ανθεστηκεν
- 20 Monchè, pito ou mande: kisa m' ye pou m' ap diskite ak Bondye konsa? Pran yon krich: èske krich la ka pale ak moun ki fè l' la pou l' mande l': Poukisa se konsa ou fè m' ?
But, O man, who are you, to make answer against God? May the thing which is made say to him who made it, Why did you make me so?
μενουγγε ω ανθρωπε σῡ τις̄ εῑ ο ανταποκρινομενος τω θεω μη̄ ερει το̄ πλασμα τω̄ πλασαντῑ τῑ με̄ εποησας̄ ουτως

- 21 Moun k'ap bat tè pou fè krich la gen dwa fè sa l' vle ak tè a. Avèk menm pa t' labou a, li ka fè de kalite krich: yon bèl krich byen chè ak yon krich bon mache.
Or has not the potter the right to make out of one part of his earth a vessel for honour, and out of another a vessel for shame?
η ουκ εχει εξουσιαν ο κεραμευς του πηλου εκ του αυτου φουραματος ποιησαι ο μεν εις τιμην σκευος ο δε εις ατιμιαν
- 22 Nou pa gen anyen pou n' di Bondye ankò. Li vle fè nou wè kòlè li, an menm tan li vle fè nou konnen pouvwa li. Se poutèt sa, avèk anpil pasyans li sipòte tout moun ki te merite kòlè li epi ki te tou bon pou mouri.
What if God, desiring to let his wrath and his power be seen, for a long time put up with the vessels of wrath which were ready for destruction:
ει δε θελος ο θεος ενδειξασθαι την οργην και γνωρισαι το δυνατον αυτου ηνεγκεν εν πολλη μακροθυμια σκευη οργης κατηρτισμενα εις απολειαν
- 23 Li te vle fè nou wè tou kantite bèl bagay li sere pou moun lè li gen pitye pou yo, pou nou menm li te pare davans pou resevwa bèl bagay li yo.
And to make clear the wealth of his glory to vessels of mercy, which he had before made ready for glory,
και ινα γνωριση τον πλουτον της δοξης αυτου επι σκευη ελεους α προητοιμασεν εις δοξαν
- 24 Lè m' di nou menm lan, m'ap pale sou tout moun li rele, non sèlman nan jwif yo, men nan moun lòt nasyon yo tou.
Even us, who were marked out by him, not only from the Jews, but from the Gentiles?
ους και εκαλεσεν ημας ου μονον εξ ιουδαιων αλλα και εξ εθνων
- 25 ¶ Se sa menm li di nan liv pwofèt Oze a: Moun ki pa t' pèp mwen an, se yo menm m'a rele pèp mwen. Nasyon mwen pa t' renmen an, se li menm m'a rele cheri mwen.
As he says in Hosea, They will be named my people who were not my people, and she will be loved who was not loved.
ως και εν τω ωσηε λεγει καλεσω τον ου λαον μου λαον μου και την ουκ ηγαπημενην ηγαπημενην
- 26 Tout kote yo t'ap di se pa pèp mwen yo ye. se la y'a rele yo pitit Bondye ki vivan an.
And in the place where it was said to them, You are not my people, there they will be named the sons of the living God.
και εσται εν τω τοπω ου ερρηθη αυτοις ου λαος μου υμεις εκει κληθησονται υιοι θεου ζωντος
- 27 Kanta pou moun pèp Izrayèl yo, Ezayi, bò pa l' menm, di konsa: Menm si moun pèp Izrayèl yo ta anpil tankou grenn sab bò lanmè, se yon ti ponyen sèlman nan yo k'ap sove.
And Isaiah says about Israel, Even if the number of the children of Israel is as the sand of the sea, only a small part will get salvation:
ησαιας δε κραζει υπερ του ισραηλ εαν η ο αριθμος των υιων ισραηλ ως η αμμος της θαλασσης το καταλειμμα σωθησεται
- 28 Paske, Mèt la gen pou l' fè tou sa l' te di a nèt, epi byen vit ankò, sou tout latè.
For the Lord will give effect to his word on the earth, putting an end to it and cutting it short.
λογον γαρ συντελων και συντεμων εν δικαιοσυνη οτι λογον συντετμημενον ποιησει κυριος επι της γης
- 29 Tankou menm pwofèt Ezayi sa a te di anvan: Si Mèt ki gen tout pouvwa a pa t' kite kèk pitit pou nou, nou ta pase tankou Sodòm, nou ta menm jan ak Gomò.
And, as Isaiah had said before, If the Lord of armies had not given us a seed, we would have been like Sodom and Gomorrah.
και καθως προειρηκεν ησαιας ει μη κυριος σαβαωθ εγκατελειπεν ημιν σπερμα ως σοδομα αν εγεννηθην και ως γομορρα αν ωμοιωθην
- 30 ¶ Kisa n'a di nan tou sa? Men sa n'a di: Moun ki pa t' jwif yo, ki pa t'ap chache mwayen pou Bondye fè yo gras la, se yo menm Bondye fè gras paske yo mete konfyans yo nan li.
What then may we say? That the nations who did not go after righteousness have got righteousness, even the righteousness which is of faith:
τι ουν ερωμεν οτι εθνη τα μη διωκοντα δικαιοσυνην κατελαβεν δικαιοσυνην δικαιοσυνην δε την εκ πιστεως
- 31 Men, moun pèp Izrayèl yo ki t'ap chache yon lalwa ki pou ta fè Bondye fè yo gras, yo pa jwenn sa yo t'ap chache a.
But Israel, going after a law of righteousness, did not get it.
ισραηλ δε διωκων νομον δικαιοσυνης εις νομον δικαιοσυνης ουκ εφθασεν
- 32 Poukisa? Paske yo pa t' mete konfyans yo nan Bondye; yo t'ap chache mwayen pou Bondye fè yo gras ak zèv yo t'ap fè yo. Se konsa y' al frape pye yo sou wòch k'ap fè moun bite a,
Why? Because they were not searching for it by faith, but by works. They came up against the stone which was in the way;
διατι οτι ουκ εκ πιστεως αλλ ως εξ εργαων νομου προσεκοψαν γαρ τω λιθω του προσκομματος
- 33 jan sa te ekri a: Men li, mwen mete yon wòch nan mitan peyi Siyon, yon wòch k'ap fè moun bite wi, yon gwo wòch k'ap fè moun tonbe. Men, moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm soti wont.
As it is said, See, I am putting in Zion a stone causing a fall, and a rock in the way: but he who has faith in him will not be put to shame.
καθως γεγραπται ιδου τιθημι εν σιων λιθον προσκομματος και πετραν σκανδαλου και πας ο πιστευων επ αυτω ου καταισχυθησεται
- 1 ¶ Frè m' yo, jan m' ta renmen wè jwif yo sove! Jan mwen pa manke lapriyè Bondye pou yo!
Brothers, my heart's desire and my prayer to God for them is, that they may get salvation.
αδελφοι η μεν ευδοκια της εμης καρδιας και η δεησις η προς τον θεον υπερ του ισραηλ εστιν εις σωτηριαν

- 2 Paske, m'ap kanpe di sa pou yo: yo devwe anpil pou sèvis Bondye a, men yo manke konprann.
For I give witness of them that they have a strong desire for God, but not with knowledge.
μαρτυρω γαρ αυτοις οτι ζηλον θεου εχουσιν αλλ ου κατ επιγνωσιν
- 3 Yo pa t' konprann ki jan Bondye t'ap fè lèzòm gras. Yo te pito chache fè sa nan jan pa yo. Se konsa yo pa t' asepte jan Bondye te vle fè l' la.
Because, not having knowledge of God's righteousness, and desiring to give effect to their righteousness, they have not put themselves under the righteousness of God.
αγνοουντες γαρ την του θεου δικαιοσυνην και την ιδιαν δικαιοσυνην ζητουντες στησαι τη δικαιοσυνη του θεου ουχ υπεταγησαν
- 4 Paske, avèk Kris la, lalwa a jwenn bout li. Konsa, Bondye fè tout moun ki kwè nan Kris la gras.
For Christ is the end of the law for righteousness to everyone who has faith.
τελος γαρ νομου χριστος εις δικαιοσυνην παντι τω πιστευοντι
- 5 Koute: men sa Moyiz te ekri pou esplike ki jan Bondye fè yon moun gras lè l' fè sa lalwa a mande: Moun ki va fè sa lalwa a mande li fè a, va jwenn lavi l' ladan li.
For Moses says that the man who does the righteousness which is of the law will get life by it.
μοωσις γαρ γραφει την δικαιοσυνην την εκ του νομου οτι ο ποιησας αυτα ανθρωπος ζησεται εν αυτοις
- 6 Men, men sa yo di pou esplike ki jan Bondye fè yon moun gras lè l' kwè: Piga ou di nan kè ou: Kilès ki va moute nan syèl la? (Sa vle di: pou fè Kris la desann soti ladan li.)
But the righteousness which is of faith says these words, Say not in your heart, Who will go up to heaven? (that is, to make Christ come down:)
η δε εκ πιστεως δικαιοσυνη ουτως λεγει μη ειπης εν τη καρδια σου τις αναβησεται εις τον ουρανον τουτ εστιν χριστον καταγαγειν
- 7 Ou ankò: Kilès ki va desann anba nan gwo twou san fon an? (Sa vle di: pou fè Kris la leve soti vivan pami mò yo.)
Or, Who will go down into the deep? (that is, to make Christ come again from the dead:)
η τις καταβησεται εις την αβυσσον τουτ εστιν χριστον εκ νεκρων αναγαγειν
- 8 Kisa yo di ankò? Men sa yo di: Pawòl la toupre ou, li nan bouch ou, li nan kè ou. Epi pawòl la se mesaj konfyans nan Bondye, mesaj n'ap anonse a.
But what does it say? The word is near you, in your mouth and in your heart: that is, the word of faith of which we are the preachers:
αλλα τι λεγει εγγυς σου το ρημα εστιν εν τω στοματι σου και εν τη καρδια σου τουτ εστιν το ρημα της πιστεως ο κηρυσσομεν
- 9 Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pami mò yo, wa sove.
Because, if you say with your mouth that Jesus is Lord, and have faith in your heart that God has made him come back from the dead, you will have salvation:
οτι εαν ομολογησης εν τω στοματι σου κυριον ιησουν και πιστευσης εν τη καρδια σου οτι ο θεος αυτον ηγειρεν εκ νεκρων σωθησιν
- 10 Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li,
For with the heart man has faith to get righteousness, and with the mouth he says that Jesus is Lord to get salvation.
καρδια γαρ πιστευεται εις δικαιοσυνην στοματι δε ομολογεται εις σωτηριαν
- 11 dapre sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm soti wont.
Because it is said in the holy Writings, Whoever has faith in him will not be shamed.
λεγει γαρ η γραφη πας ο πιστευων επ αυτω ου καταισχυθησεται
- 12 ¶ Konsa, nanpwen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif: yo tout gen yon sèl Mèt ki bay tout moun ki rele l' favè l' an kantite.
And the Jew is not different from the Greek: for there is the same Lord of all, who is good to all who have hope in his name:
ου γαρ εστιν διαστολη ιουδαιου τε και ελληνος ο γαρ αυτος κυριος παντων πλουτων εις παντας τους επικαλουμενους αυτον
- 13 Se sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki rele non Met la gen pou jwenn delivrans.
Because, Whoever will give worship to the name of the Lord will get salvation.
πας γαρ ος αν επικαλεσηται το ονομα κυριου σωθησεται
- 14 Ki jan y'a fè rele l', si yo poko gen konfyans nan li? Ki jan pou yo gen konfyans nan li, si yo pa tande pale sou li? Ki jan pou yo tande pale sou li,
But how will they give worship to him in whom they have no faith? and how will they have faith in him of whom they have not had news? and how will they have news without a preacher?
πως ουν επικαλεσσονται εις ον ουκ επιστευσαν πως δε πιστευουσιν ου ουκ ηκουσαν πως δε ακουσουσιν χωρις κηρυσσοντος
- 15 si pa gen pesonn pou fè konnen mesaj la? Ki jan pou yo fè fè konnen mesaj la, si pa gen moun yo voye pou sa? Dapre sa ki te ekri a: Ala bèl bagay lè ou wè moun k'ap pote yon bon nouvèl ap vini!
And how will there be preachers if they are not sent? As it is said, How beautiful are the feet of those who give the glad news of good things.
πως δε κηρυξουσιν εαν μη αποσταλωσιν καθως γεγραπται ως ωραιοι οι ποδες των ευαγγελιζομενων ειρηνην των ευαγγελιζομενων τα αγαθα

- 16 Men, se pa tout ki asepte bon nouvèl la. Se poutèt sa Ezayi te di: Mèt, kilès ki te kwè mesaj nou te bay la?
But they have not all given ear to the good news. For Isaiah says, Lord, who has had faith in our word?
ἀλλ' οὐ πάντες ὑπήκουσαν τῷ εὐαγγελίῳ ἡσαΐας γὰρ λέγει κύριε τις ἐπίστευσεν τῇ ἀκοῇ ἡμῶν
- 17 Konsa, se lè ou tande mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse.
So faith comes by hearing, and hearing by the word of Christ.
ἀρα ἡ πίστις ἐξ ἀκοῆς ἢ δε ἀκοῇ δια ῥήματος θεοῦ
- 18 Men, m'ap mande: Eske Izrayèl pa t' tande mesaj la? Men wi. Yo tande l' byen pwòp. Paske, jan sa te ekri nan Liv la: Pawòl nan bouch yo gaye sou tout latè. Mesaj yo bay la rive nan dènne bout latè.
But I say, Did not the word come to their ears? Yes, certainly: Their sound has gone out into all the earth, and their words to the ends of the world.
ἀλλὰ λέγω μὴ οὐκ ἤκουσαν μενούνγε εἰς πᾶσαν τὴν γῆν ἐξηλθεν ὁ φθογγος αὐτῶν καὶ εἰς τὰ περάτα τῆς οἰκουμένης τὰ ῥήματα αὐτῶν
- 19 Men, m'ap mande ankò: Eske Izrayèl pa t' konprann sa? Pou kòmanse, men repons Moyiz bay: M'ap fè nou fè jalouzi pou moun ki pa menm yon nasyon tout bon. M'ap fè nou fè kòlè poutèt yon pèp ki san konprann.
But I say, Had Israel no knowledge? First Moses says, You will be moved to envy by that which is not a nation, and by a foolish people I will make you angry.
ἀλλὰ λέγω μὴ οὐκ ἐγνώ Ἰσραὴλ πρῶτος μωσῆς λέγει ἐγὼ παραζηλώσω ὑμᾶς ἐπ' οὐκ ἐθνεῖ ἐπι ἐθνεῖ ἀσυνετῶ παροργίῳ ὑμᾶς
- 20 Ezayi menm pouse radiyès li pi lwen toujou lè l' di: Moun ki pa t'ap chache m' yo, se yo menm ki jwenn mwen. Moun ki pa t'ap mande pou mwen yo, se yo menm mwen fè wè mwen.
And Isaiah says without fear, Those who were not searching for me made discovery of me; and I was seen by those whose hearts were turned away from me.
ἡσαΐας δε ἀποτολμα καὶ λέγει εὐρεθῆν τοῖς ἐμε μὴ ζητοῦσιν ἐμφάνης ἐγενομῆν τοῖς ἐμε μὴ ἐπερωτῶσιν
- 21 Men, men sa li di sou Izrayèl: Tout lajounen m'ap lonje men m' bay yon pèp ki rebèl, k'ap fè wòklò.
But about Israel he says; All the day my hands have been stretched out to a people whose hearts were turned away, and who put themselves against my word.
πρὸς δε τὸν Ἰσραὴλ λέγει ὅλην τὴν ἡμέραν ἐξέπετασα τὰς χεῖρας μου πρὸς λαὸν ἀπειθούντα καὶ ἀντιλέγοντα
- 1 ¶ Koulye a, m'ap mande: Eske Bondye te voye pèp li a jete? Men non. Paske mwen menm, mwen se yon moun pèp Izrayèl, yon pitit pitit Abraram. Mwen soti nan branch fanmi Benjamin.
So I say, Has God put his people on one side? Let there be no such thought. For I am of Israel, of the seed of Abraham, of the tribe of Benjamin.
λέγω οὖν μὴ ἀψῶσατο ὁ θεὸς τὸν λαὸν αὐτοῦ μὴ γένοιτο καὶ γὰρ ἐγὼ Ἰσραηλιτῆς εἰμι ἐκ σπέρματος ἀβραὰμ φυλῆς βενιαμῖν
- 2 Non, Bondye pa voye pèp li te chwazi davans lan jete. Eske ou pa chonje sa ki ekri nan Liv la, kote y'ap rakonte ki jan Eli t'ap pote plent bay Bondye pou pèp Izrayèl la:
God has not put away the people of his selection. Or have you no knowledge of what is said about Elijah in the holy Writings? how he says words to God against Israel,
οὐκ ἀψῶσατο ὁ θεὸς τὸν λαὸν αὐτοῦ ὃν προεγνώ ἢ οὐκ οἰδατε ἐν ἡλίᾳ τι λέγει ἡ γραφή ὡς ἐντυγχάνει τῷ θεῷ κατὰ τοῦ Ἰσραὴλ λέγων
- 3 Bondye, yo touye pwofèt yo, yo kraze lotèl ou yo; se mwen menm sèl ki rete. Men y'ap chache wete lavi m' tou?
Lord, they have put your prophets to death, and made waste your altars, and now I am the last, and they are searching for me to take away my life.
κύριε τοὺς προφῆτας σου ἀπεκτείναν καὶ τὰ θυσιαστήρια σου κατεσκάψαν καγὼ ὑπελείφθην μόνος καὶ ζητοῦσιν τὴν ψυχὴν μου
- 4 Men repons Bondye te ba li: Mwen gen sèt milòm (7.000) pou mwen ki pa janm mete jenou yo atè devan Baal.
But what answer does God make to him? I have still seven thousand men whose knees have not been bent to Baal.
ἀλλὰ τι λέγει αὐτῷ ὁ χρηματισμὸς κατέλιπον ἐμαυτῷ ἑπτακισχιλίους ἀνδράς οἵτινες οὐκ ἐκαμψαν γόνα τῆ βααλ
- 5 Konsa tou, koulye a, gen yon ti rès Bondye te chwazi nan pèp la, se yon favè li te fè yo.
In the same way, there are at this present time some who are marked out by the selection of grace.
οὕτως οὖν καὶ ἐν τῷ νῦν καιρῷ λείμμα κατ' ἐκλογὴν χάριτος γέγονεν
- 6 Se pa paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te fè yo fave sa a; men se paske Bondye te vle fè l' pou yo. Si se pa t' konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò.
But if it is of grace, then it is no longer of works: or grace would not be grace.
εἰ δε χάριτι οὐκετι ἐξ ἔργων ἐπεὶ ἡ χάρις οὐκετι γίνεταί χάρις εἰ δε ἐξ ἔργων οὐκετι ἐστὶν χάρις ἐπεὶ τὸ ἐργὸν οὐκετι ἐστὶν ἐργὸν
- 7 Bon. Kisa n'a di koulye a? Sa pèp Izrayèl la t'ap chache a, li pa t' jwenn li. Men, moun Bondye te chwazi yo, se yo ase ki jwenn li. Kanta pou lòt yo, yo vin gen tèt di,
What then? That which Israel was searching for he did not get, but those of the selection got it and the rest were made hard.
τι οὖν ὁ ἐπιζητεῖ Ἰσραὴλ τούτου οὐκ ἐπετύχεν ἢ δε ἐκλογὴ ἐπετύχεν οἱ δε λοιποὶ ἐπωρώθησαν

- 8 dapre jan sa te ekri nan Liv la: Bondye te rann lespri yo lou, yo gen je, men yo pa ka wè; yo gen zòrèy, men yo pa ka tande jouk jòdi a.
As it was said in the holy Writings, God gave them a spirit of sleep, eyes which might not see, and ears which have no hearing, to this day.
καθως γεγραπται εδωκεν αυτοις ο θεος πνευμα κατανωξενος οφθαλμους του μη βλεπειν και ωτα του μη ακουειν εως της σημερον ημερας
- 9 David, bò pa l', di tou: Se pou resepsyon y'ap fè yo tounen yon senn, yon pèlen pou yo, pou yo menm yo pran ladan l', pou yo resevwa chatiman yo.
And David says, Let their table be made a net for taking them, and a stone in their way, and a punishment:
και δαβιδ λεγει γενηθητω η τραπεζα αυτων εις παγίδα και εις θηραν και εις σκανδαλον και εις ανταποδομα αυτοις
- 10 Se pou je yo bouche pou yo pa wè menm. Fè yo mache do ba tout tan.
Let their eyes be made dark so that they may not see, and let their back be bent down at all times.
σκοτισθητωσαν οι οφθαλμοι αυτων του μη βλεπειν και τον νωτον αυτων διαπαντος συγκαμψον
- 11 Koulye a, m'ap mande: Lè jwif yo bite, èske yo te tonbe nèt. Men non. Men, lè yo tonbe a, sa penmèt moun lòt nasyon yo rive delivre. Se konsa yo tounen yon jalouzi pou jwif yo.
So I say, Were their steps made hard in order that they might have a fall? In no way: but by their fall salvation has come to the Gentiles, so that they might be moved to envy.
λεγω ουν μη επταισαν ινα πεσωσιν μη γενοιτο αλλα τω αυτων παραπτωματι η σωτηρια τοις εθνεσιν εις το παραζηλωσαι αυτοις
- 12 Fòt jwif yo fè a tounen yon richès pou tout moun. Tonbe yo tonbe a, sa vin yon gwo benediksyon pou moun lòt nasyon yo. Nou pa bezwen mande ki gwo benediksyon sa va ye lè tout jwif yo va delivre!
Now, if their fall is the wealth of the world, and their loss the wealth of the Gentiles, how much greater will be the glory when they are made full?
ει δε το παραπτωμα αυτων πλουτος κοσμου και το ητημα αυτων πλουτος εθνων ποσω μαλλον το πληρωμα αυτων
- 13 Koulye a, nou menm moun lòt nasyon yo, mwen gen sa pou m' di nou: Se apòt nou mwen ye, se vre. Mwen kontan anpil travay m'ap fè a.
But I say to you, Gentiles, in so far as I am the Apostle of the Gentiles, I make much of my position:
υμιν γαρ λεγω τοις εθνεσιν εφ οσον μεν ειμι εγω εθνων αποστολος την διακονιαν μου δοξαζω
- 14 Men, mwen kwè konsa m'a rive eksite jalouzi moun ras mwen yo, pou m' ka delivre kèk nan yo.
If in any way those who are of my flesh may be moved to envy, so that some of them may get salvation by me.
ει πως παραζηλωσω μου την σαρκα και σωσω τινας εξ αυτων
- 15 Wi. Si lè Bondye te mete jwif yo sou kote, sa te penmèt tout moun sou latè rive vin byen ak Bondye ankò, nou pa bezwen mande kisak va rive lè jwif yo va tounen vin jwenn favè Bondye? Se va lavi pou tout moun ki te mouri yo!
For, if by their putting away, the rest of men have been made friends with God, what will their coming back again be, but life from the dead?
ει γαρ η αποβολη αυτων καταλλαγη κοσμου τις η προσληψις ει μη ζωη εκ νεκρων
- 16 Lè yo ofri premye moso pen an bay Bondye, tout rèz pen an vin pou li tou. Si yo ofri rasin yon pyebwa bay Bondye, tout branch li yo vin pou li tou.
And if the first-fruit is holy, so is the mass: and if the root is holy, so are the branches.
ει δε η απαρχη αγια και το φυραμα και ει η ριζα αγια και οι κλαδοι
- 17 Pèp Izrayèl la tankou yon pye oliv kay. Yo koupe kèk branch soti ladan li. Ou menm ki pa jwif la, ou tankou yon branch pye oliv mawon yo grefe nan plas branch yo koupe yo. Kifè koulye a, se ou menm k'ap pwofite lèt rasin k'ap nourri pye oliv kay la.
But if some of the branches were broken off, and you, an olive-tree of the fields, were put in among them, and were given a part with them in the root by which the olive-tree is made fertile,
ει δε τινες των κλαδων εξεκλασθησαν συ δε αγριελαιος ων ενεκεντρισθης εν αυτοις και συγκοινωνος της ριζης και της πιστητος της ελαιας εγενου
- 18 Se poutèt sa, pa gonfle kò ou sou branch ki koupe yo. Ki jan ou kapab ap fè grandizè? Pa bliye, se yon senp branch ou ye. Se pa ou k'ap pote rasin lan. Men, se rasin lan k'ap pote ou pito.
Do not be uplifted in pride over the branches: because it is not you who are the support of the root, but it is by the root that you are supported.
μη κατακαυω των κλαδων ει δε κατακαυασαι ου συ την ριζαν βασταζεις αλλ η ριζα σε
- 19 Lè sa a wa di m': Wi. Men, yo te koupe branch yo pou yo te kapab grefe m' nan plas yo?
You will say, Branches were broken off so that I might be put in.
ερεις ουν εξεκλασθησαν οι κλαδοι ινα εγω εγκεντριθω
- 20 Wi. Se vre sa. Men, yo te koupe yo paske yo pa t' gen konfyans nan Bondye; ou menm ou kenbe paske ou gen konfyans nan Bondye. Pa kite lògèy pran tèt ou. Okontrè, se pou ou gen krentif anpil nan kè ou.
Truly, because they had no faith they were broken off, and you have your place by reason of your faith. Do not be lifted up in pride, but have fear;
καλως τη απιστια εξεκλασθησαν συ δε τη πιστει εστηκας μη υψηλοφρονει αλλα φοβου

- 21 Paske, si jwif yo ki branch pyebwa a menm Bondye pa te al dousman ak yo, se pa avè ou la pral dousman.
For, if God did not have mercy on the natural branches, he will not have mercy on you.
ει γαρ ο θεος των κατα φυσιν κλαδων ουκ εφεισατο μηπως ουδε σου φεισηται
- 22 Sa fè nou wè ki jan Bondye gen bon kè, ki jan li sevè tou. Li sevè pou moun ki tonbe yo, men li bon pou ou menm. Men, se pou ou rete fèm nan renmen Bondye. Si se pa sa, ou menm tou y'a koupe ou tankou lòt branch yo.
See then that God is good but his rules are fixed: to those who were put away he was hard, but to you he has been good, on the condition that you keep in his mercy; if not, you will be cut off as they were.
ιδε ουν χρηστοτητα και αποτομιαν θεου επι μεν τους πεσοντας αποτομιαν επι δε σε χρηστοτητα εαν επιμεινης τη χρηστοτητι επει και συ εκκοπηση
- 23 Konsa tou, si jwif yo pa pèsiste nan movèz fwa yo, si yo rive gen konfyans, y'ap grefe yo tou kote yo te ye anvan an paske Bondye gen pouvwa grefe yo ankò.
And they, if they do not go on without faith, will be united to the tree again, because God is able to put them in again.
και εκεινοι δε εαν μη επιμεινωσιν τη απιστια εγκεντρισησονται δυνατος γαρ εστιν ο θεος παλιν εγκεντρισαι αυτους
- 24 Ou menm ki pa jwif, ou se yon branch pye oliv mawon yo koupe. Atout ou mawon an, yo grefe ou sou pye oliv kay la. Men jwif yo menm, se branch pye oliv kay la menm yo ye. L'ap pi fasil toujou pou grefe yo ankò sou pyebwa pa yo a.
For if you were cut out of a field olive-tree, and against the natural use were united to a good olive-tree, how much more will these, the natural branches, be united again with the olive-tree which was theirs?
ει γαρ συ εκ της κατα φυσιν εξεκοπης αγριελαιου και παρα φυσιν ενεκεντρισης εις καλλιελαιον ποσω μαλλον ουτοι οι κατα φυσιν εγκεντρισησονται τη ιδια ελαια
- 25 Frè m' yo, mwen vle fè nou konnen sekrè sa a ki vre tout bon, konsa nou p'ap mete nan tèt nou nou gen pi bon konprann pase sa. Men sekrè a: Yon pati nan pèp Izrayèl la rive gen tèt di. Men, se pa pou tout tan. Se va pou jouk tan tout moun lòt nasyon yo va fin delivre.
For it is my desire, brothers, that this secret may be clear to you, so that you may not have pride in your knowledge, that Israel has been made hard in part, till all the Gentiles have come in;
ου γαρ θελω υμας αγνοειν αδελφοι το μυστηριον τουτο ινα μη ητε παρ εαυτοις φρονημοι οτι πωρωσις απο μερους τω ισραηλ γεγονεν αχρις ου το πληρωμα των εθνων εισελθη
- 26 Se konsa tout pèp Izrayèl la va delivre, dapre sa ki ekri nan Liv la: Moun k'ap wete lèzòm anba esklavaj la, se nan Siyon l'ap soti. L'ap wete tout mechanste pitit pitit Jakòb yo, voye jete byen lwen.
And so all Israel will get salvation: as it is said in the holy Writings, There will come out of Zion the One who makes free; by him wrongdoing will be taken away from Jacob:
και ουτως πας ισραηλ σωθησεται καθως γεγραπται ηξει εκ σιων ο ρυομενος και αποστρεψει ασεβειας απο ιακωβ
- 27 Men kontra m' pral pase avèk yo lè m'a wete tout peche yo.
And this is my agreement with them, when I will take away their sins.
και αυτη αυτοις η παρ εμου διαθηκη οταν αφελωμαι τας αμαρτιας αυτων
- 28 Jwif yo tounen lènmi Bondye paske yo derefize asepte Bon Nouvèl la. Men, se te pou byen nou, nou menm moun lòt nasyon yo. Men, Bondye toujou renmen yo poutèt zansèt yo, paske se Bondye menm ki te chwazi yo.
As far as the good news is in question, they are cut off from God on account of you, but as far as the selection is in question, they are loved on account of the fathers.
κατα μεν το ευαγγελιον εχθροι δι υμας κατα δε την εκλογην αγαπητοι δια τους πατερας
- 29 Sa Bondye fè kado, li bay li nèt; li p'ap chanje lide lè l' fin rele yon moun.
Because God's selection and his mercies may not be changed.
αμεταμελητα γαρ τα χαρισματα και η κλησις του θεου
- 30 Nan tan lontan, nou menm moun lòt nasyon yo, nou t'ap dezobeyi Bondye. Men, koulye a nou vin konnen ki jan Bondye gen pitye pou nou paske jwif yo dezobeyi li.
For as you, in time past, were not under the rule of God, but now have got mercy through their turning away,
ωσπερ γαρ και υμεις ποτε ηπειθησατε τω θεω νυν δε ηλεθητε τη τουτων απειθεια
- 31 Konsa tou, koulye a jwif yo ap dezobeyi Bondye, paske nou vin konnen ki jan Bondye gen pitye pou nou. Y'ap dezobeyi pou yo menm tou yo ka vin konnen ki jan Bondye gen pitye pou yo.
So in the same way these have gone against the orders of God, so that by the mercy given to you they may now get mercy.
ουτως και ουτοι νυν ηπειθησαν τω υμετερω ελεει ινα και αυτοι ελεθησιν
- 32 Bondye mete tout moun anba menm chenn dezobeyisans lan pou l' ka gen pitye pou tout moun ansanm.
For God has let them all go against his orders, so that he might have mercy on them all.
συνεκλεισεν γαρ ο θεος τους παντας εις απειθειαν ινα τους παντας ελεψη

- 33 ¶ O, gade jan Bondye rich non! Bon konprann li, konesans li, nou pa ka sonde yo! Sa depase nou anpil. Ki moun ki ka esplike jijman Bondye? Ki moun ki konprann lide li gen nan tèt li? Jan sa ekri nan Liv la:
O how deep is the wealth of the wisdom and knowledge of God! no one is able to make discovery of his decisions, and his ways may not be searched out.
ω βαθος πλουτου και σοφιας και γνωσεως θεου ως ανεξερευνητα τα κριματα αυτου και ανεξιγνιαστοι αι οδοι αυτου
- 34 Ki moun ki konnen sa k'ap pase nan tèt Mèt la? Ki moun ki ka ba li konsèy?
Who has knowledge of the mind of the Lord? or who has taken part in his purposes?
τις γαρ εγνω νουν κυριου η τις συμβουλος αυτου εγενετο
- 35 Ki moun ki te janm ba li kichòy nan lide pou Bondye renmèt li sa?
Or who has first given to him, and it will be given back to him again?
η τις προεδωκεν αυτω και ανταποδοθησεται αυτω
- 36 Se li menm, Bondye, ki fè tout bagay. Se gremesi li tout bagay la. Se pou li tout bagay ye. Lwanj pou Bondye tout tan tout tan! Amèn.
For of him, and through him, and to him, are all things. To him be the glory for ever. So be it.
οτι εξ αυτου και δι αυτου και εις αυτον τα παντα αυτω η δοξα εις τους αιωνας αμην
- 1 ¶ Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon.
For this reason I make request to you, brothers, by the mercies of God, that you will give your bodies as a living offering, holy, pleasing to God, which is the worship it is right for you to give him.
παρακαλω ουν υμας αδελφοι δια των οικτιρμων του θεου παραστησαι τα σωματα υμων θυσιαν ζωσαν αγιαν ευαρεστον τω θεω την λογικην λατρειαν υμων
- 2 Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale.
And let not your behaviour be like that of this world, but be changed and made new in mind, so that by experience you may have knowledge of the good and pleasing and complete purpose of God.
και μη συσηματιζεσθε τω αιωνι τουτω αλλα μεταμορφουσθε τη ανακαινωσει του νοου υμων εις το δοκιμαζειν υμας τι το θελημα του θεου το αγαθον και ευαρεστον και τελειον
- 3 Poutèt favè Bondye fè m' lan, men sa m'ap mande nou tout: Piga nou mete nan tèt nou nou plis pase sa nou ye. Okontrè, pa mete gwo lide nan tèt nou. Se pou chak moun konsidere tèt li dapre sa Bondye ba li ki pa l' nan lafwa.
But I say to every one of you, through the grace given to me, not to have an over-high opinion of himself, but to have wise thoughts, as God has given to every one a measure of faith.
λεγω γαρ δια της χαριτος της δοθεισης μοι παντι τω οντι εν υμιν μη υπερφρονειν παρ ο δει φρονειν αλλα φρονειν εις το σωφρονειν εκαστω ως ο θεος εμερισεν μετρον πιστεως
- 4 Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa.
For, as we have a number of parts in one body, but all the parts have not the same use,
καθατερ γαρ εν ενι σωματι μελη πολλα εχομεν τα δε μελη παντα ου την αυτην εχει πραξιν
- 5 Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò.
So we, though we are a number of persons, are one body in Christ, and are dependent on one another;
ουτως οι πολλοι εν σωμα εσμεν εν χριστω ο δε καθ εις αλληλων μελη
- 6 Bondye pa bay tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado a dapre favè Bondye fè nou an. Si yon moun resevwa don pou l' anonse mesaj ki sòti nan Bondye, se pou l' fè sa dapre lafwa li genyen an.
And having different qualities by reason of the grace given to us, such as the quality of a prophet, let it be made use of in relation to the measure of our faith;
εχοντες δε χαρισματα κατα την χαριν την δοθεισαν ημιν διαφορα ειτε προφητειαν κατα την αναλογιαν της πιστεως
- 7 Si yon lòt resevwa don pou l' fè yon travay, se pou l' fè travay la. Moun ki resevwa don pou l' moutre lòt anpil bagay, se sa pou l' fè.
Or the position of a Deacon of the church, let a man give himself to it; or he who has the power of teaching, let him make use of it;
ειτε διακονιαν εν τη διακονια ειτε ο διδασκων εν τη διδασκαλια
- 8 Moun ki resevwa don pou l' bay ankourajman, se pou li bay ankourajman. Moun k'ap bay nan sa li genyen an, se pou l' fè sa san gad dèyè. Moun k'ap dirije a, se pou l' fè sa byen. Moun k'ap moutre jan li gen kè sansib la, se pou li fè sa ak kè kontan.
He who has the power of comforting, let him do so; he who gives, let him give freely; he who has the power of ruling, let him do it with a serious mind; he who has mercy on others, let it be with joy.
ειτε ο παρακαλων εν τη παρακλησει ο μεταδιδους εν απλοτητι ο προισταμενος εν σπουδη ο ελεων εν ιλαροτητι

- 9 Se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou. Rayi sa ki mal, men kenbe fèm nan fè sa ki byen.
 Let love be without deceit. Be haters of what is evil; keep your minds fixed on what is good.
 η αγαπη ανυποκριτος αποστυγουντες το πονηρον κολλωμενοι τω αγαθω
- 10 Se pou nou yonn renmen lòt tankou frè ak frè k'ap viv ansanm ak Kris la. Nan tou sa n'ap fè, se pou nou gen respè yonn pou lòt, pa konsidere tèt nou anvan.
 Be kind to one another with a brother's love, putting others before yourselves in honour;
 τη φιλαδελφια εις αλληλους φιλοστοργοι τη τιμη αλληλους προηγουμενοι
- 11 Travay di, pa fè parese. Mete aktivite nan sèvis n'ap rann Mèt la.
 Be not slow in your work, but be quick in spirit, as the Lord's servants;
 τη σπουδη μη οκνηροι τω πνευματι ζεοντες τω καιρω δουλευοντες
- 12 Pandan n'ap tann lan, fè kè n' kontan. Se pou nou gen anpil pasyans nan mitan soufrans nou yo. Pa janm sispann lapriyè.
 Being glad in hope, quiet in trouble, at all times given to prayer,
 τη ελπιδι χαιροντες τη θλιψει υπομενοντες τη προσευχη προσκατερουντες
- 13 Bay moun k'ap viv pou Bondye yo konkou lè nou wè yo nan bezwen. Resevwa moun ki vin lakay nou byen.
 Giving to the needs of the saints, ready to take people into your houses.
 ταις χρειαις των αγιων κοινωνουντες την φιλοξενιαν διωκοντες
- 14 Mande Bondye pou l' beni moun k'ap pèsekite nou; mande benediksyon, pa mande madichon pou yo.
 Give blessing and not curses to those who are cruel to you.
 ευλογειτε τους διωκοντας υμας ευλογειτε και μη καταρασθε
- 15 Fè kè n' kontan ak moun ki kontan, kriye ak moun k'ap kriye.
 Take part in the joy of those who are glad, and in the grief of those who are sorrowing.
 χαιρειν μετα χαιροντων και κλαιειν μετα κλαιοντων
- 16 Viv byen yonn ak lòt. Pa kite lògèy moute tèt nou. Viv tankou moun ki san pretansyon. Pa kwè nou gen pi bon konprann pase sa.
 Be in harmony with one another. Do not have a high opinion of yourselves, but be in agreement with common people. Do not give yourselves an air of wisdom.
 το αυτο εις αλληλους φρονουντες μη τα υψηλα φρονουντες αλλα τοις ταπεινοις συναπαγομενοι μη γινεσθε φρονιμοι παρ εαυτοις
- 17 Si yon moun fè nou mal, pa chache fè l' mal tou. Chache fè sa ki byen nan je tout moun.
 Do not give evil for evil to any man. Let all your business be well ordered in the eyes of all men.
 μηδενι κακον αντι κακου αποδιδοντες προνοουμενοι καλα ενωπιον παντων ανθρωπων
- 18 Fè tou sa nou kapab pou nou viv byen ak tout moun mezi nou wè nou ka fè li.
 As far as it is possible for you be at peace with all men.
 ει δυνατον το εξ υμων μετα παντων ανθρωπων ειρηνευοντες
- 19 Mezanmi, pa tire revanj. Men, kite kòlè Bondye fè travay li; paske men sa ki ekri nan Liv la: Se mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj, se mwen menm sèl ki va bay moun sa yo merite. Se Bondye menm ki di sa.
 Do not give punishment for wrongs done to you, dear brothers, but give way to the wrath of God; for it is said in the holy Writings, Punishment is mine, I will give reward, says the Lord.
 μη εαυτους εκδικουντες αγαπητοι αλλα δοτε τοπον τη οργη γεγραπται γαρ εμοι εκδικησις εγω ανταποδωσω λεγει κυριος
- 20 Okontrè, dapre sa ki ekri ankò: Si lènmi ou grangou, ba l' manje. Si li swaf dlo, ba l' bwè. Lè ou fè sa, se yon chalè dife ou mete nan kò l' pou fè l' chanje.
 But if one who has hate for you is in need of food or of drink, give it to him, for in so doing you will put coals of fire on his head.
 εαν ουν πεινα ο εχθρος σου ψωμιζε αυτον εαν διψα ποτιζε αυτον τουτο γαρ ποιων ανθρακας πυρος σωρευσεις επι την κεφαλην αυτου
- 21 Pa kite sa ki mal gen pye sou ou. Okontrè, fè sa ki byen pou n' kraze sa ki mal.
 Do not let evil overcome you, but overcome evil by good.
 μη νικω υπο του κακου αλλα νικα εν τω αγαθω το κακον
- 1 ¶ Tout moun dwe soumèt devan otorite k'ap gouvènen peyi a, paske nanpwen otorite ki pa soti nan men Bondye, epi tout otorite ki la, se Bondye ki mete yo.
 Let everyone put himself under the authority of the higher powers, because there is no power which is not of God, and all powers are ordered by God.
 πασα ψυχη εξουσιας υπερχουσιας υποτασσεσθω ου γαρ εστιν εξουσια ει μη απο θεου αι δε ουσαι εξουσιαι υπο του θεου τεταγμεναι εισιν

- 2 Se poutèt sa, moun k'ap kenbe tèt ak otorite yo, yo refize obeyi lòd Bondye tabli. Moun ki refize obeyi lòd la, y'ap rale yon jijman sou tèt pa yo.
For which reason everyone who puts himself against the authority puts himself against the order of God: and those who are against it will get punishment for themselves.
ὥστε ὁ ἀντιτάσσουμενος τῇ ἐξουσίᾳ τῆ τοῦ θεοῦ διαταγῆ ἀνθεστήκεν οἱ δὲ ἀνθεστήκοτες ἑαυτοῖς κρῖμα λήψονται
- 3 Tande byen: moun ki fè sa ki byen pa bezwen pè chèf k'ap gouvènè yo. Se moun ki fè sa ki mal ki pou pè yo. Eske ou ta vle pa pè chèf? Enben, fè sa ki byen; se lwanj ase wa resevwa nan men yo.
For rulers are not a cause of fear to the good work but to the evil. If you would have no fear of the authority, do good and you will have praise;
οἱ γὰρ ἀρχόντες οὐκ εἰσιν φόβος τῶν ἀγαθῶν ἐργῶν ἀλλὰ τῶν κακῶν θελεῖς δὲ μὴ φοβησθαι τὴν ἐξουσίαν το ἀγαθὸν ποιεῖ καὶ ἐξεῖς ἐπαινοῦν ἐξ αὐτῆς
- 4 Paske chèf yo se nan sèvis Bondye yo ye pou byen nou. Men, si w'ap fè sa ki mal, ou mèt tranble, paske se pa pou gremesi yo gen pouvwa peni moun. Lè sa a, se sèvis Bondye y'ap fè tou. Y'ap fè nou wè kòlè Bondye lè y'ap peni moun ki fè sa ki mal.
For he is the servant of God to you for good. But if you do evil, have fear; for the sword is not in his hand for nothing: he is God's servant, making God's punishment come on the evil-doer.
θεοῦ γὰρ διακονὸς ἐστὶν σοὶ εἰς τὸ ἀγαθὸν εἰάν δὲ τὸ κακὸν ποιῆς φοβου οὐ γὰρ εἰκὴ τὴν μαχαίραν φορεῖ θεοῦ γὰρ διακονὸς ἐστὶν ἐκδικὸς εἰς ὀργὴν τῷ τὸ κακὸν πρᾶσσοντι
- 5 Se poutèt sa, nou dwe soumèt devan tout otorite yo, pa sèlman paske nou vle chape anba kòlè Bondye, men tou pou konsyans nou pa repwoche nou anyen.
So put yourselves under the authority, not for fear of wrath, but because you have the knowledge of what is right.
διὸ ἀναγκὴ ὑποτάσσεσθαι οὐ μόνον διὰ τὴν ὀργὴν ἀλλὰ καὶ διὰ τὴν συνειδήσιν
- 6 Se poutèt sa tou, nou peye lajan kontribisyon yo, paske anlwaye leta yo se nan sèvis Bondye yo ye, se pou yo fè travay la byen.
For the same reason, make payment of taxes; because the authority is God's servant, to take care of such things at all times.
διὰ τοῦτο γὰρ καὶ φόρους τελεῖτε λειτουργοὶ γὰρ θεοῦ εἰσιν εἰς αὐτὸ τοῦτο προσκαρτεροῦντες
- 7 ¶ Peye tout moun sa ou dwe yo: peye enpo nan biwo kote pou ou peye enpo; peye taks nan biwo kote pou ou peye taks. Gen krentif pou moun ou dwe gen krentif. Gen respè pou moun ou dwe respèkte.
Give to all what is their right: taxes to him whose they are, payment to him whose right it is, fear to whom fear, honour to whom honour is to be given.
ἀποδοτε οὖν πᾶσιν τὰς οφειλάς τῷ τὸν φόρον τὸν φόρον τῷ τὸ τέλος τὸ τέλος τῷ τὸν φόβον τὸν φόβον τῷ τὴν τιμὴν τὴν τιμὴν
- 8 Pa fè dèt lakay pesonn. Sèl dèt nou dwe genyen, se pou nou yonn renmen lòt. Moun ki renmen frè parèy li, li fè tou sa lalwa mande.
Be in debt for nothing, but to have love for one another: for he who has love for his neighbour has kept all the law.
μηδενὶ μηδὲν οφειλετε εἰ μὴ τὸ ἀγαπᾶν ἀλλήλους ὁ γὰρ ἀγαπῶν τὸν ἕτερον νομὸν πεπλήρωκεν
- 9 Se konsa, ou wè kòmandman sa yo: piga ou janm fè adiltè; piga ou janm touye moun; piga ou janm vòlò; piga ou janm pote lanvi sou sak pa pou ou; kòmandman sa yo ansanm ak tout lòt yo, gen yon sèl pawòl ki ranmase yo tout: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.
And this, Do not be untrue in married life, Do not put to death, Do not take what is another's, Do not have desire for what is another's, and if there is any other order, it is covered by this word, Have love for your neighbour as for yourself.
τὸ γὰρ οὐ μοιχεύσεις οὐ φονεύσεις οὐ κλέψεις οὐ ψευδομαρτυρήσεις οὐκ ἐπιθυμήσεις καὶ εἰ τις ἕτερα ἐντολὴ ἐν τούτῳ τῷ λόγῳ ἀνακεφαλαιούται ἐν τῷ ἀγαπήσεις τὸν πλησίον σου ὡς ἑαυτὸν
- 10 Moun ki gen renmen nan kè yo pa fè moun mal: se sak fè lè nou renmen, nou fè tou sa lalwa a mande nou fè.
Love does no wrong to his neighbour, so love makes the law complete.
ἡ ἀγάπη τῷ πλησίον κακὸν οὐκ ἐργάζεται πληρῶμα οὖν νομοῦ ἡ ἀγάπη
- 11 ¶ Se sa menm pou nou fè, paske nou konnen ki jan tan an ye deyò a. Li lè pou nou leve sot nan dòmi, lè a sonnen, paske koulye a, lè pou n' fin delivre a pi pre nou pase lè nou te fèk mete konfyans lan.
See then that the time has come for you to be awake from sleep: for now is your salvation nearer than when you first had faith.
καὶ τοῦτο εἰδοτεὶς τὸν καιρὸν ὅτι ὥρα ἡμᾶς ἤδη ἐξ ὑπνῶν ἐγερθῆναι νῦν γὰρ ἐγγύτερον ἡμῶν ἡ σωτηρία ἢ ὅτε ἐπιστευσάμεν
- 12 Nwit lan vanse fini, jou prèt pou kase. Ann sispann fè bagay yo fè nan fènwa. Ann pran zam nou pou nou ka goumen devan tout moun.
The night is far gone, and the day is near: so let us put off the works of the dark, arming ourselves with light,
ἡ νύξ προέκοψεν ἡ δὲ ἡμέρα ἠγγικεν ἀποθώμεθα οὖν τὰ ἐργὰ τοῦ σκοτοῦς καὶ ἐνδύσωμεθα τὰ ὄπλα τοῦ φωτός
- 13 Ann mennen bak nou jan nou dwe, tankou moun k'ap viv gwo lajounen. Pa fè eksè nan manje ni nan bwè. Pa lage tèt nou nan debòch ni nan vis. Pa chache moun kont, pa fè jalouzi.
With right behaviour as in the day; not in pleasure-making and drinking, not in bad company and unclean behaviour, not in fighting and envy.
ὡς ἐν ἡμέρᾳ εὐσχημονὸς περιπατήσωμεν μὴ κωμῶις καὶ μεθαις μὴ κοιταις καὶ ἀσελγείαις μὴ ἐριδι καὶ ζῆλῳ
- 14 Se pou nou pran Jezikri Seyè a tankou yon zam mete sou nou. Pa kite ekzijans kò a pran pye sou nou pou fè nou fè tou sa li anvi fè.
But put on the Lord Jesus Christ, and do not give thought to the flesh to do its desires.
ἀλλ' ἐνδύσασθε τὸν κυρίον ἱησοῦν χριστὸν καὶ τῆς σαρκὸς προνοιᾶν μὴ ποιήσθε εἰς ἐπιθυμίας

- 1 ¶ Se pou n' resewva moun ki fèb nan konfyans yo byen san nou pa bezwen diskite openyon yo genyen.
Do not put on one side him who is feeble in faith, and do not put him in doubt by your reasonings.
τον δε ασθενουντα τη πιστει προσλαμβανεσθε μη εις διακρισεις διαλογισμων
- 2 Men yon egzanp: Gen moun ki kwè li kapab manje tout bagay; gen lòt ki fèb nan konfyans yo epi ki manje legim ase.
One man has faith to take all things as food: another who is feeble in faith takes only green food.
ος μεν πιστευει φαγειν παντα ο δε ασθενων λαχανα εσθιει
- 3 Moun ki manje tout manje pa fèt pou meprize moun ki pa manje tout manje. Konsa tou, moun ki pa manje tout manje pa fèt pou jije moun ki manje tout manje, paske Bondye asepte ni yonn ni lòt jan yo ye a.
Let not him who takes food have a low opinion of him who does not: and let not him who does not take food be a judge of him who does; for he has God's approval.
ο εσθιων τον μη εσθιοντα μη εξουθενειτω και ο μη εσθιων τον εσθιοντα μη κρινετω ο θεος γαρ αυτον προσελαβετο
- 4 Ki moun ou ye konsa pou w'ap jije domestik lòt moun? Kit domestik la kenbe fèm nan sèvis la, kit li tonbe, sa se zafè ki gade mèt li ase. Men, pa pè, li gen pou l' kenbe fèm, paske Seyè a gen pouvwa pou l' soutni li.
Who are you to make yourself a judge of another man's servant? it is to his master that he is responsible for good or bad. Yes, his place will be safe, because the Lord is able to keep him from falling.
συ τις ει ο κρινων αλλοτριον οικετην τω ιδιω κυριω στηκει η πιπτει σταθησεται δε δυνατος γαρ εστιν ο θεος στησαι αυτον
- 5 M'ap pran yon lòt egzanp: Gen moun ki kwè gen jou ki pi konsekan pase lòt. Gen lòt ki di tout jou se menm. Se pou chak moun gen konviksyon pa yo.
This man puts one day before another: to that man they are the same. Let every man be certain in his mind.
ος μεν κρινει ημεραν παρ ημεραν ος δε κρινει πασαν ημεραν εκαστος εν τω ιδιω νοι πληροφορεισθω
- 6 Moun ki kwè yon jou pi konsekan pase lòt, li fè sa pa respè pou Mèt la menm jan ak moun ki manje tout manje a, li fè sa pa respè pou Mèt la paske li di Bondye mèsì pou manje a. Moun ki pa manje tout manje a, li fè sa tou pa respè pou Mèt la, paske li menm tou, li di Bondye mèsì.
He who keeps the day, keeps it to the Lord; and he who takes food, takes it as to the Lord, for he gives praise to God; and he who does not take food, to the Lord he takes it not, and gives praise to God.
ο φρονων την ημεραν κυριω φρονει και ο μη φρονων την ημεραν κυριω ου φρονει ο εσθιων κυριω εσθιει ευχαριστηει γαρ τω θεω και ο μη εσθιων κυριω ουκ εσθιει και ευχαριστηει τω θεω
- 7 Se konsa, pa gen yon sèl moun nan nou k'ap viv pou tèt pa li. Pa gen yonn nan nou tou k'ap mouri pou tèt pa li. Paske si n'ap viv, n'ap viv pou Seyè a,
For every man's life and every man's death has a relation to others as well as to himself.
ουδεις γαρ ημων εαυτω ζη και ουδεις εαυτω αποθνησκει
- 8 si n'ap mouri, n'ap mouri pou Seyè a tou. Konsa, kit nou vivan, kit nou mouri, se pou Seyè a nou ye.
As long as we have life we are living to the Lord; or if we give up our life it is to the Lord; so if we are living, or if our life comes to an end, we are the Lord's.
εαν τε γαρ ζωμεν τω κυριω ζωμεν εαν τε αποθνησκαμεν τω κυριω αποθνησκομεν εαν τε ουν ζωμεν εαν τε αποθνησκαμεν του κυριου εσμεν
- 9 Paske, Kris la te mouri, apre sa li leve sotì vivan ankò pou l' te kapab Mèt tout moun, ni moun vivan yo ni moun mouri yo.
And for this purpose Christ went into death and came back again, that he might be the Lord of the dead and of the living.
εις τουτο γαρ χριστος και απεθανεν και ανεστη και ανεζησεν ινα και νεκρων και ζωντων κυριευση
- 10 Men ou menm, pouki pou w'ap jije frè ou konsa? Ou menm, pouki pou w'ap meprize frè ou konsa? Nou tout gen pou konparèt devan tribinal Bondye a.
But you, why do you make yourself your brother's judge? or again, why have you no respect for your brother? because we will all have to take our place before God as our judge.
συ δε τι κρινεις τον αδελφον σου η και συ τι εξουθενεις τον αδελφον σου παντες γαρ παραστησομεθα τω βηματι του χριστου
- 11 Paske men sa ki ekri nan Liv la: Mèt la di: Jan nou konnen mwen vivan an vre, konsa tou, tout moun gen pou mete ajenou devan mwen. Nan tout lang moun va pale byen fò pou rekonèt pouvwa Bondye.
For it is said in the holy Writings, By my life, says the Lord, to me every knee will be bent, and every tongue will give worship to God.
γεγραπται γαρ ζω εγω λεγει κυριος οτι εμοι καμπει παν γονυ και πασα γλωσσα εξομολογησεται τω θεω
- 12 Se konsa, chak moun gen pou rann Bondye kont pou tèt pa yo.
So every one of us will have to give an account of himself to God.
αρα ουν εκαστος ημων περι εαυτου λογον δωσει τω θεω
- 13 Ann sispann yonn ap jije lòt. Pito nou pran desizyon pou n' pa fè anyen ki kapab fè frè nou bite osinon tonbe nan peche.
Then let us not be judges of one another any longer: but keep this in mind, that no man is to make it hard for his brother, or give him cause for doubting.
μηκετι ουν αλληλους κρινωμεν αλλα τουτο κρινατε μαλλον το μη τιθεναι προσκομμα τω αδελφω η σκανδαλον

- 14 Paske, mwen menm k'ap viv ansanm avèk Seyè Jezi a, mwen sèten pa gen anyen nan sa yo di ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye ki soti tou konsa nan men Bondye. Si yon moun kwè yon bagay pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye, bagay la pa bon pou li paske li mete sa nan tèt li.
I am conscious of this, and am certain in the Lord Jesus, that nothing is unclean in itself; but for the man in whose opinion it is unclean, for him it is unclean.
οἶδα και πεπεισμαι εν κυριω ιησου οτι ουδεν κοινον δι εαυτου ει μη τω λογιζομενω τι κοινον ειναι εκεινω κοινον
- 15 Si ou fè frè ou lapenn pou tèt yon manje ou manje, ou pa gen renmen nan kè ou pou frè ou. Piga ou kite manje w'ap manje a lakòz yon frè pèdi sou kont ou, paske li menm Kris la te mouri pou l' te ka sove l' tou.
And if because of food your brother is troubled, then you are no longer going on in the way of love. Do not let your food be destruction to him for whom Christ went into death.
ει δε δια βρωμα ο αδελφος σου λυπειται ουκετι κατα αγαπην περιπαταις μη τω βρωματι σου εκεινον απολλυε υπερ ου χριστος απεθανεν
- 16 Sa ki byen pou ou pa dwe yon okazyon pou fè yo pale ou mal.
Let it not be possible for men to say evil about your good:
μη βλασφημεισθω ουν υμων το αγαθον
- 17 Gouvènman Bondye ki wa a, se pa yon afè manje ak bwè, men se yon keksyon fè sa ki byen, viv ak kè poze ak kè kontan. Bagay sa yo, se Sentespri ki bay yo.
For the kingdom of God is not food and drink, but righteousness and peace and joy in the Holy Spirit.
ου γαρ εστιν η βασιλεια του θεου βρωσις και ποσις αλλα δικαιοσυνη και ειρηνη και χαρα εν πνευματι αγιω
- 18 Moun k'ap sèvi Kris la konsa, se yo ki fè Bondye plezi. Tout moun ap dakò ak sa.
And he who in these things is Christ's servant, is pleasing to God and has the approval of men.
ο γαρ εν τουτοις δουλευων τω χριστω ευαρεστος τω θεω και δοκιμος τοις ανθρωποις
- 19 Se sak fè, ann toujou chache bagay ki kapab ede nou viv ak kè poze, bagay ki pou penmèt nou yonn soutni lòt nan konfyans nou nan Bondye.
So then, let us go after the things which make peace, and the things by which we may be a help to one another.
αρα ουν τα της ειρηνης διωκωμεν και τα της οικοδομης της εις αλληλους
- 20 Piga kraze travay Bondye a poutèt yon keksyon manje. Nou ka manje tout manje, se vre. Men, sa pa bon pou nou manje kichòy ki ka lakòz yon frè tonbe nan peche.
Do not let the work of God come to nothing on account of food. All things are certainly clean; but it is evil for that man who by taking food makes it hard for another.
μη ενεκεν βρωματος καταλυε το εργον του θεου παντα μεν καθαρα αλλα κακον τω ανθρωπω τω δια προσκομματος εσθιοντι
- 21 Sa ki byen an, se lè ou pa manje vyann, ni bwè diven, ni fè okenn lòt bagay ki kapab fè frè ou tonbe nan peche.
It is better not to take meat or wine or to do anything which might be a cause of trouble to your brother.
καλον το μη φαγειν κρεα μηδε πειν οινον μηδε εν ω ο αδελφος σου προσκοπτει η σκανδαλιζεται η ασθενει
- 22 Sa ou kwè ou menm sou sa, gade l' pou tèt ou devan Bondye. benediksyon pou yon moun ki pa santi l' koupab lè l'ap fè sa li kwè li dwe fè.
The faith which you have, have it to yourself before God. Happy is the man who is not judged by that to which he gives approval.
ου πιστιν εχεις κατα σωτων εχε ενωπιον του θεου μακαριος ο μη κρινων εαυτον εν ω δοκιμαζει
- 23 Men, moun ki gen doutans sou sa l'ap manje a, Bondye kondannen l' lè l' manje l', paske li aji san konviksyon. Tout sa ou fè san konviksyon se peche.
But he who is in doubt is judged if he takes food, because he does it not in faith; and whatever is not of faith is sin.
ο δε διακρινομενος εαν φαγη κατακεκριται οτι ουκ εκ πιστεως παν δε ο ουκ εκ πιστεως αμαρτια εστιν
- 1 ¶ Nou menm ki fò nan konfyans nou nan Bondye, se pou nou ede sa ki fèb yo pote feblès yo. Nou pa dwe ap chache sa ki fè nou plezi sèlman.
We who are strong have to be a support to the feeble, and not give pleasure to ourselves.
οφειλομεν δε ημεις οι δυνατοι τα ασθενηματα των αδυνατων βασταζειν και μη εαυτοις αρεσκειν
- 2 Okontrè, se pou nou chak chache fè frè parèy nou plezi pou byen l', konsa n'a fè l' grandi nan konfyans li nan Bondye.
Let every one of us give pleasure to his neighbour for his good, to make him strong.
εκαστος γαρ ημων τω πλησιον αρεσκετω εις το αγαθον προς οικοδομην
- 3 Paske Kris la pa t' chache sa ki te fè l' plezi, men dapre sa ki ekri a: Moun ki t'ap joure ou yo, se tankou si se mwen menm yo t'ap joure.
For Christ did not give pleasure to himself, but, as it is said, The bitter words of those who were angry with you came on me.
και γαρ ο χριστος ουχ εαυτω ηρεσεν αλλα καθως γεγραπται οι ονειδισμοι των ονειδιζοντων σε επεπεσον επ εμε

- 4 Se konsa, tou sa ki te ekri nan Liv la depi nan tan lontan, yo te ekri yo pou moutre nou anpil bagay, wi, pou bagay nou jwenn ekri nan Liv la ka ban nou pasyans ak ankourajman pou n' ka mete tout espwa nou nan Bondye.
Now those things which were put down in writing before our time were for our learning, so that through quiet waiting and through the comfort of the holy Writings we might have hope.
οσα γαρ προεγραφη εις την ημετεραν διδασκαλιαν προεγραφη ινα δια της υπομονης και της παρακλησεως των γραφων την ελπιδα εχωμεν
- 5 ¶ Se pou Bondye ki bay pasyans ak ankourajman an fè nou viv byen yonn ak lòt, pou nou ka swiv egzanp nou jwenn nan Jezikri.
Now may the God who gives comfort and strength in waiting make you of the same mind with one another in harmony with Christ Jesus:
ο δε θεος της υπομονης και της παρακλησεως δωη υμιν το αυτο φρονειν εν αλληλοις κατα χριστον ιησουν
- 6 Konsa, n'a mete kè nou ak bouch nou ansanm pou fè lwanj Bondye, papa Jezikri, Seyè nou an.
So that with one mouth you may give glory to the God and Father of our Lord Jesus Christ.
ινα ομοθυμαδον εν ενι στοματι δοξαζιητε τον θεον και πατερα του κυριου ημων ιησου χριστου
- 7 ¶ Se pou yonn asepte lòt jan l' ye a, menm jan Kris la te asepte nou an pou sa te tounen yon lwanj pou Bondye.
So then, take one another to your hearts, as Christ took us, to the glory of God.
διο προσλαμβανεσθε αλληλους καθως και ο χριστος προσελαβετο ημας εις δοξαν θεου
- 8 Men sa m' vle di: Kris la te fè tèt li sèvitè jwif yo pou l' te ka fè pwomès Bondye te fè zansèt nou yo rive vre, epi pou l' te moutre jan Bondye kenbe pawòl li.
Now I say that Christ has been made a servant of the circumcision to give effect to the undertakings given by God to the fathers,
λεγω δε ιησουν χριστον διακονον γεγενησθαι περιτομης υπερ αληθειας θεου εις το βεβαιωσαι τας επαγγελιας των πατερων
- 9 Men, li te vini pou moun lòt nasyon yo tou, pou yo te ka fè lwanj Bondye pou jan li gen kè sansib, jan sa te ekri nan Liv la: Se poutèt sa m'a fè lwanj ou nan mitan lòt nasyon yo. Se poutèt sa m'a chante pou non ou.
And so that the Gentiles might give glory to God for his mercy; as it is said, For this reason I will give praise to you among the Gentiles, and I will make a song to your name.
τα δε εθνη υπερ ελεους δοξασαι τον θεον καθως γεγραπται δια τουτο εξομολογησομαι σοι εν εθνεσιν και τω ονοματι σου ψαλω
- 10 Liv la di ankò: Nou menm moun lòt nasyon yo, fè kè nou kontan ansanm avèk pèp Bondye chwazi a.
And again he says, Take part, you Gentiles, in the joy of his people.
και παλιν λεγει ευφρανθητε εθνη μετα του λαου αυτου
- 11 Li di ankò: Fè lwanj Mèt la, nou menm moun lòt nasyon yo! Wi, se pou tout pèp yo fè lwanj li!
And again, Give praise to the Lord, all you Gentiles; and let all the nations give praise to him.
και παλιν αινειτε τον κυριον παντα τα εθνη και επαινεσατε αυτον παντες οι λαοι
- 12 Ezayi di tou: Li gen pou l' vini, pitit pitit Izayi a. Li va parèt pou gouvènè lòt nasyon yo. Nasyon yo va mete espwa yo nan li.
And again Isaiah says, There will be the root of Jesse, and he who comes to be the ruler over the Gentiles; in him will the Gentiles put their hope.
και παλιν ησαιας λεγει εσται η ριζα του ιεσσα και ο ανισταμενος αρχειν εθνων επ αυτω εθνη ελπιουσιν
- 13 ¶ Mwen mande Bondye ki bay espwa a pou l' fè kè nou kontan nèt, pou l' fè kè nou poze ak konfyans nou gen nan li a. Se konsa espwa nou va toujou ap grandi ak pouvwa Sentespri a.
Now may the God of hope make you full of joy and peace through faith, so that all hope may be yours in the power of the Holy Spirit.
ο δε θεος της ελπιδος πληρωσαι υμας πασης χαρας και ειρηνης εν τω πιστευειν εις το περισσευειν υμας εν τη ελπιδι εν δυναμει πνευματος αγιου
- 14 ¶ Frè m' yo, mwen gen fèm konviksyon nou gen kont bon santiman nan kè nou, nou gen kont konesans sou nou pou yonn ka bay lòt konsèy.
And I myself am certain of you, brothers, that you are full of what is good, complete in all knowledge, able to give direction to one another.
πεπεισμαι δε αδελφοι μου και αυτος εγω περι υμων οτι και αυτοι μεστοι εστε αγαθωσυνης πεπληρωμενοι πασης γνωσεως δυναμενοι και αλληλους νουθετειν
- 15 Men, mwen te penmèt mwen ekri nou sou anpil pwèn nan lèt mwen an pou mwen te ka fè nou chonje sa nou te konnen déjà. Mwen te penmèt mwen fè sa poutèt favè Bondye te fè m' lan,
But I have, in some measure, less fear in writing to you to put these things before you again, because of the grace which was given to me by God,
τολμηροτερον δε εγραψα υμιν αδελφοι απο μερους ως επαναμνησκων υμας δια την χαριν την δοθεισαν μοι υπο του θεου
- 16 pou m' te sèvi Jezikri pandan m'ap travay nan mitan moun lòt nasyon yo. Lè m'ap fè konnen bon nouvèl Bondye a, se yon sèvis apa pou Bondye m'ap rann, pou moun lòt nasyon yo ka tounen yon ofrann ki fè Bondye plezi, yon ofrann yo mete apa pou Bondye ak pouvwa Sentespri a.
To be a servant of Christ Jesus to the Gentiles, doing the work of a priest in the good news of God, so that the offering of the Gentiles might be pleasing to God, being made holy by the Holy Spirit.
εις το ιναια με λειτουργον ιησου χριστου εις τα εθνη ιερουργουντα το ευαγγελιον του θεου ινα γενηται η προσφορα των εθνων ευπροσδεκτος ηγιασμενη εν πνευματι αγιου

- 17 ¶ Se pou sa, mwen gen dwa kontan nèt pou travay m'ap fè ansanm ak Jezikri pou Bondye.
So I have pride in Christ Jesus in the things which are God's.
εχω ουν καυχησιν εν χριστω ιησου τα προς θεον
- 18 -(we vèsè pwochen)
And I will keep myself from talking of anything but those things which Christ has done by me to put the Gentiles under his rule in word and in act,
ου γαρ τολμησω λαλειν τι ων ου κατειργασατο χριστος δι εμου εις υπακοην εθνων λογω και εργω
- 19 Wi, m'ap penmèt mwen fè nou konnen sèlman sa Kris la te fè m' fè ak sa li te fè m' di, avèk fòs mirak ak bèl bagay ak pouvwa Lespri Bondye a. Tou sa, pou mennen moun lòt nasyon yo vin nan pye Bondye pou obeyi li. Se konsa, depi lavil Jerizalèm jouk nan peyi Iliri, mwen pa manke mache bay bon nouvèl ki pale sou Kris la toupatou.
By signs and wonders, in the power of the Holy Spirit; so that from Jerusalem and round about as far as Illyricum I have given all the good news of Christ;
εν δυναμει σημειων και τερατων εν δυναμει πνευματος θεου ωστε με απο ιερουσαλημ και κυκλω μεχρι του ιλλυρικου πεπληρωκεναι το ευαγγελιον του χριστου
- 20 Men, lanbisyon m' se te pou m' fè konnen bon nouvèl la sèlman kote moun pa t' ankò janm tandè nonmen non Kris la, pou m' pa t' bati sou fondasyon lòt moun te poze,
Making it my purpose not to take the good news where Christ was named, so that my work might not be resting on that of others;
ουτως δε φιλοτιμουμενον ευαγγελιζεσθαι ουχ οπου ωνομασθη χριστος ινα μη επ αλλοτριον θεμελιον οικοδομω
- 21 jan sa te ekri nan Liv la: Moun ki pa t' ankò konnen l' yo va wè. Moun ki pa t' ankò tandè nonmen non l' yo va konprann.
But as it is said in the holy Writings, They will see, to whom the news of him had not been given, and those to whose ears it had not come will have knowledge.
αλλα καθως γεγραπται οις ουκ ανηγγελη περι αυτου οφονται και οι ουκ ακηκοασιν συνησουσιν
- 22 ¶ Se rezon sa a ki te anpeche mwen anpil fwa al lakay nou.
For which reason I was frequently kept from coming to you:
διο και ενεκοπτομην τα πολλα του ελθειν προς υμας
- 23 Men, koulè a, mwen pa gen anyen ki kenbe m' nan peyi sa yo ankò. Depi lontan mwen fè lide ale wè nou.
But now, having no longer any place in these parts and having had for a number of years a great desire to come to you,
νυνι δε μηκετι τοπον εχων εν τοις κλιμασιν τουτοις επιποθιαν δε εχων του ελθειν προς υμας απο πολλων ετων
- 24 Mwen ta renmen fè sa lè mapral an Espay lan. Wi, mwen gen espwa pase wè nou pou nou kapab ede m' ale nan peyi sa a, apre m'a fin pase kèk bon moman nan mitan nou.
Whenever I go to Spain (for it is my hope to see you on my way, and to be sent on there by you, if first I may in some measure have been comforted by your company)--
ως εαν πορευομαι εις την σπανιαν ελευσομαι προς υμας ελπίζω γαρ διαπορευομενος θεασασθαι υμας και υφ υμων προπεμφθηναι εκει εαν υμων πρωτον απο μερους εμπλησθω
- 25 Men, koulè a, mwen pral Jerizalèm pou m' ka rann moun k'ap viv apa pou Bondye yo yon sèvis.
But now I go to Jerusalem, taking help for the saints.
νυνι δε πορευομαι εις ιερουσαλημ διακονων τοις αγιοις
- 26 Legliz ki nan peyi Masedwan ak nan peyi Lakay yo te pran sou yo pou yo te fè yon ofrann pou ede pòv ki nan pèp Bondye a lavil Jerizalèm.
For it has been the good pleasure of those of Macedonia and Achaia to send a certain amount of money for the poor among the saints at Jerusalem.
ευδοκησαν γαρ μακεδονια και αχαια κοινωνιαν τινα ποιησασθαι εις τους πτωχους των αγιων των εν ιερουσαλημ
- 27 Se yo menm menm ki te fè lide sa a. Men, pou di vre, yo te dwe pòv yo sa. Paske, menm jan jwif yo te separe benediksyon ki soti nan Lespri Bondye a avèk moun ki pa t' jwif yo, konsa tou, moun ki pa jwif yo gen pou devwa pou rann yo sèvis avèk byen latè yo.
Yes, it has been their good pleasure; and they are in their debt. For if the Gentiles have had a part in the things of the Spirit which were theirs, it is right for them, in the same way, to give them help in the things of the flesh.
ευδοκησαν γαρ και οφειλεται αυτων εισιν ει γαρ τοις πνευματικοις αυτων εκοινωνησαν τα εθνη οφειλουσιν και εν τοις σαρκικοις λειτουρησαι αυτοις
- 28 Lè m'a fini avèk zafè sa a, le m'a renmèt tout lajan yo te ranmase a nan men, lè sa a m'a pati pou Espay, m'a pase wè nou sou wout.
So when I have done this, and have given them this fruit of love, I will go on by you into Spain.
τουτο ουν επιτελεσας και σφραγισαμενος αυτοις τον καρπον τουτον απελευσομαι δι υμων εις την σπανιαν
- 29 Mwen konnen le m'a rive wè nou an, se avèk tout benediksyon Kris la m'a rive.
And I am certain that when I come, I will be full of the blessing of Christ.
οιδα δε οτι ερχομενος προς υμας εν πληρωματι ευλογιας του ευαγγελιου του χριστου ελευσομαι

- 30 ¶ Men sa m' mande nou, frè m' yo: nan non Jezikri, Seyè nou an, nan non renmen Lespri a ban nou, tanpri, pa lage m' nan batay la pou kont mwen, lapriyè Bondye pou mwen.
Now I make request to you, brothers, by our Lord Jesus Christ, and by the love of the Spirit, that you will be working together with me in your prayers to God for me;
παρακαλω δε υμας αδελφοι δια του κυριου ημων ιησου χριστου και δια της αγαπης του πνευματος συναγωνισασθαι μοι εν ταις προσευχαις υπερ εμου προς τον θεον
- 31 Lapriyè pou m' ka delivre anba moun Jide yo ki pa vle kwè. Lapriyè tou pou moun k'ap viv apa pou Bondye nan lavil Jerizalèm, pou yo ka byen resevwa lajan m'ap pote ba yo a.
So that I may be kept safe from those in Judaea who have not put themselves under the rule of God, and that the help which I am taking for Jerusalem may be pleasing to the saints;
ινα ρυθω απο των απειθουντων εν τη ιουδαια και ινα η διακονια μου η εις ιερουσαλημ ευπροσδεκτος γενηται τοις αγιοις
- 32 Konsa, si Bondye vle, m'a rive lakay nou ak kè kontan, epi m'a pran yon ti repo nan mitan nou.
So that I may come to you in joy by the good pleasure of God, and have rest with you.
ινα εν χαρα ελθω προς υμας δια θεληματος θεου και συναναπαυσωμαι υμιν
- 33 Se pou Bondye ki bay kè poze a avèk nou tout. Amèn.
Now may the God of peace be with you all. So be it.
ο δε θεος της ειρηνης μετα παντων υμων αμην
- 1 ¶ Mwen rekòmande nou Febe, yon sè k'ap sèvi nan legliz Sankre a.
It is my desire to say a good word for Phoebe, who is a servant of the church in Cenchreae:
συριστημι δε υμιν φοιβην την αδελφην ημων ουσαν διακονον της εκκλησιας της εν κεγχραις
- 2 Resevwa li nan non Seyè a, jan moun k'ap viv apa pou Bondye yo dwe fè l' yonn pou lòt. Ede l' nan tou sa li ka bezwen, paske li menm li deja ede anpil moun lèfini li te ede m' anpil tou.
That you will take her in kindly, after the way of the saints, as one who is the Lord's, and give her help in anything in which she may have need of you: because she has been a help to a great number and to myself.
ινα αυτην προσδεξησθε εν κυριω αξιως των αγιων και παραστητε αυτη εν ω αν υμων χρηζη πραγματι και γαρ αυτη προστατις πολλων εγενηθη και αυτου εμου
- 3 Di Priska ak Akilas bonjou pou mwen. Yo t'ap travay avè m' nan sèvis Jezikri a.
Give my love to Prisca and Aquila, workers with me in Christ Jesus,
ασπασασθε πρισκιλλαν και ακυλαν τους συνεργους μου εν χριστω ιησου
- 4 Yo te riske tèt yo pou sove lavi mwen. Se pa mwen sèlman k'ap di yo mesi, se tout legliz ki nan moun lòt nasyon yo k'ap di yo mesi tou.
Who for my life put their necks in danger; to whom not only I but all the churches of the Gentiles are in debt:
οιτινες υπερ της ψυχης μου τον εαυτων τραχηλον υπεθηκαν οις ουκ εγω μονος ευχαριστω αλλα και πασαι αι εκκλησιαι των εθνων
- 5 Di legliz ki sanble lakay yo a bonjou tou. Di Epayenèt, bon bon zanmi mwen an, bonjou. Se li menm premye moun ki te mete konfyans li nan Kris la nan peyi Lazi.
And say a kind word to the church which is in their house. Give my love to my dear Epaenetus, who is the first fruit of Asia to Christ.
και την κατ οικον αυτων εκκλησιαν ασπασασθε επαινετον τον αγαπητον μου ος εστιν απαρχη της αχαιας εις χριστον
- 6 Di Mari ki te bay kò l' anpil traka pou nou an bonjou.
Give my love to Mary, who gave much care to you.
ασπασασθε μαριαμ ητις πολλα εκοπιασεν εις ημας
- 7 Di Andwonikis ak Jenyas, fanmi m' yo ki te al nan prizon ansanm avè m' yo, bonjou. Apòt yo konsidere yo anpil, yo te patizan Kris la anvan mwen.
Give my love to Andronicus and Junia, my relations, who were in prison with me, who are noted among the Apostles, and who were in Christ before me.
ασπασασθε ανδρονικον και ιουνιαν τους συγγενεις μου και συναιχμαλωτους μου οιτινες εισιν επισημοι εν τοις αποστολοις οι και προ εμου γεγονασιν εν χριστω
- 8 Di Anplyatis, bon zanmi m' nan menm Seyè a, bonjou.
Give my love to Ampliatus, who is dear to me in the Lord,
ασπασασθε αμπλιαν τον αγαπητον μου εν κυριω
- 9 Di Iben, kanmarad travay mwen nan sèvis Kris la, bonjou ansanm ak Estakis, bon zanmi mwen an.
Give my love to Urbanus, a worker in Christ with us, and to my dear Stachys.
ασπασασθε ουρβανον τον συνεργον ημων εν χριστω και σταχυν τον αγαπητον μου
- 10 Di Apelès ki moutre jan li gen konfyans nan Kris la bonjou. Di moun lakay Aristobil yo bonjou.
Give my love to Apelles, who has the approval of Christ. Say a kind word to those who are of the house of Aristobulus.
ασπασασθε απελλην τον δοκιμον εν χριστω ασπασασθε τους εκ των αριστοβουλου

- 11 Di Ewòdyon, fanmi m' lan, bonjou. Di moun lakay Nasis yo ki kwè nan Seyè a bonjou.
Give my love to Herodion, my relation. Say a kind word to those of the house of Narcissus, who are in the Lord.
ασπασασθε ηροδιωνα τον συγγενη μου ασπασασθε τους εκ των ναρκισσου τους οντας εν κυριω
- 12 Di Trifèn ak Trifòz, de sè k'ap bay kò yo anpil traka pou Seyè a, bonjou. Di Pèsid, bon zanmi m' ki te pran anpil fatig pou Seyè a, bonjou.
Give my love to Tryphaena and Tryphosa, workers in the Lord. Give my love to my dear Persis, who did much work in the Lord.
ασπασασθε τρυφαιναν και τρυφωσαν τας κοπιωσας εν κυριω ασπασασθε περιδα την αγαπητην ητις πολλα εκοπιασεν εν κυριω
- 13 Di Rifis, nonm Bondye chwazi pou sèvis li a, bonjou ansanm ak manman l' ki yon manman pou mwen tou.
Give my love to Rufus, one of the Lord's selection, and to his mother and mine.
ασπασασθε ρουφον τον εκλεκτον εν κυριω και την μητερα αυτου και εμου
- 14 Di Asenkrit, Flegon, Emès, Patwobas, Emas ak tout frè yo ki ansanm ak yo a bonjou.
Give my love to Asyncritus, Phlegon, Hermes, Patrobas, Hermas, and the brothers who are with them.
ασπασασθε ασυγκριτον φλεγοντα ερμαν πατροβαν ερμην και τους συν αυτοις αδελφους
- 15 Di Filològ ak Jili, Nere ak sè li a ansanm avek Olimpas ak tout manm legliz ki la avèk yo, bonjou.
Give my love to Philologus and Julia, Nereus and his sister, and Olympas, and all the saints who are with them.
ασπασασθε φιλολογον και ιουλιαν νηρεα και την αδελφην αυτου και ολυμπαν και τους συν αυτοις παντας αγιους
- 16 Yonn bo lòt pou mwen tankou frè. Tout legliz Kris yo voye bonjou pou nou.
Give one another a holy kiss. All the churches of Christ send their love to you.
ασπασασθε αλληλους εν φιληματι αγιω ασπαζονται υμας αι εκκλησιαι του χριστου
- 17 ¶ M'ap ban nou yon dènve ti konsèy, frè m' yo: Veye kò nou ak moun k'ap simen divizyon, k'ap pale kont sa yo te moutre nou an pou fè moun ki kwè yo pèdi tèt yo.
Now, it is my desire, brothers, that you will take note of those who are causing division and trouble among you, quite against the teaching which was given to you: and keep away from them.
παρακαλω δε υμας αδελφοι σκοπειν τους τας διχοστασιας και τα σκανδαλα παρα την διδαχην ην υμεις εμαθετε ποιουντας και εκκλινατε απ αυτων
- 18 Moun konsa, se pa Kris la, Seyè nou an, y'ap sèvi. Se vant yo y'ap sèvi. Y'ap bay bèl pawòl, y'ap fè bèl diskou pou achte figi moun. Se konsa yo pran tèt ti inonsan yo.
For such people are not servants of the Lord Christ, but of their stomachs; and by their smooth and well-said words the hearts of those who have no knowledge of evil are tricked.
οι γαρ τοιουτοι τω κυριω ημων ιησου χριστω ου δουλευουσιν αλλα τη εαυτων κοιλια και δια της χρηστολογιας και ευλογιας εξαπατωσιν τας καρδιας των ακακων
- 19 Pou nou menm, moun lavil Wòm, tout moun konnen jan nou soumèt nou devan Seyè a. Mwen byen kontan pou nou. Men, mwen ta renmen pou nou toujou chache fè sa ki byen, pou nou pa lage kò nou nan fè sa ki mal.
For all have knowledge of how you do what you are ordered. For this reason I have joy in you, but it is my desire that you may be wise in what is good, and without knowledge of evil.
η γαρ υμων υπακοη εις παντας αφικετο χαιρω ουν το εφ υμιν θελω δε υμας σοφους μεν ειναι εις το αγαθον ακεραιους δε εις το κακον
- 20 Anvan lontan, Bondye ki bay kè poze a gen pou kraze Satan anba pye nou. Se pou benediksyon Jezi, Seyè nou an, toujou la avèk nou.
And the God of peace will be crushing Satan under your feet before long. The grace of our Lord Jesus Christ be with you.
ο δε θεος της ειρηνης συντριψει τον σαταναν υπο τους ποδας υμων εν ταχει η χαρις του κυριου ημων ιησου χριστου μεθ υμων
- 21 ¶ Timote, kanmarad travay mwen an, ansanm ak Liziyis, Jazon, Sozipatè, fanmi m' yo, yo tout voye bonjou pou nou.
Timothy, who is working with me, sends his love to you, so do Lucius and Jason and Sosipater, my relations.
ασπαζονται υμας τιμοθεος ο συνεργος μου και λουκιος και ιασων και σωσιπατρος οι συγγενεις μου
- 22 Mwen menm, Tèsiyis, ki kouche lèt sa a sou papye, mwen voye bonjou pou nou nan renmen Kris la.
I, Tertius, who have done the writing of this letter, send love in the Lord.
ασπαζομαι υμας εγω τερτιος ο γραψας την επιστολην εν κυριω
- 23 Gayis voye bonjou pou nou. Se lakay li mwen fè ladesant. Epi se la tou tout legliz la fè reyinyon. Eras, trezorye nan lavil la, ansanm ak frè Katis voye di nou bonjou.
Gaius, with whom I am living, whose house is open to all the church, sends his love, so does Erastus, the manager of the accounts of the town, and Quartus, the brother.
ασπαζεται υμας γαιος ο ξενος μου και της εκκλησιας ολης ασπαζεται υμας εραστος ο οικονομος της πολεως και κουαρτος ο αδελφος
- 24 Se pou benediksyon Jezikri, Seyè nou an, toujou la avèk nou tout.
¶
η χαρις του κυριου ημων ιησου χριστου μετα παντων υμων αμην

- 25 ¶ Ann fè lwanj Bondye! Se li ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans lan dapre bon nouvèl m'ap anonse a, dapre mesaj m'ap preche sou Jezikri a, dapre konesans Bondye ban nou kifè nou wè plan travay li. Se li menm ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans sa a. Plan travay sa a te kache pandan lontan lontan.
Now to him who is able to make you strong in agreement with the good news which I gave you and the preaching of Jesus Christ, in the light of the revelation of that secret which has been kept through times eternal,
τω δε δυναμενω υμας στηριζει κατα το ευαγγελιον μου και το κηρυγμα ιησου χριστου κατα αποκαλυψιν μυστηριου χρονους αιωνιους σεσιγημενου
- 26 Men, koulye a, li parèt akèlè nan liv pwofèt yo te ekri yo. Konsa, dapre lòd ki soti nan Bondye ki la pou tout tan an, plan travay la rive an konesans moun tout lòt nasyon yo pou yo kapab mete konfyans yo nan Bondye, pou yo kapab fè volonte Bondye.
But is now made clear; and by the writings of the prophets, by the order of the eternal God, the knowledge of it has been given to all the nations, so that they may come under the rule of the faith;
φανερωθεντος δε νυν δια τε γραφων προφητικων κατα επιταγην του αιωνιου θεου εις υπακοην πιστεως εις παντα τα εθνη γνωρισθεντος
- 27 Wi, lwanj pou Bondye, li menm sèl ki gen bon konprann! Lwanj pou li nan Jezikri, depi tout tan epi pou tout tan! Amèn.
To the only wise God, through Jesus Christ, be the glory for ever. So be it.
μονω σοφω θεω δια ιησου χριστου ω η δοξα εις τους αιωνας αμην [προς ρωμαιους εγραφη απο κορινθου δια φοιβης της διακονου της εν κεγχραις εκκλησιας]
- 1 ¶ Mwen menm Pòl, you moun Bondye menm te deside rele pou sèvi Jezikri apòt, m'ap ekri lèt sa a, ansanm ak Sostèn, frè nou,
Paul, an Apostle of Jesus Christ by the purpose of God, and Sosthenes the brother,
παυλος κλητος αποστολος ιησου χριστου δια θεληματος θεου και σωσθενης ο αδελφος
- 2 pou nou tout ki nan legliz Bondye a lavil Korent. Bondye te rele nou pou viv apa pou li, nou tout ki pou Bondye nan Jezikri, ansanm ak tout lòt moun toupatou k'ap rele non Jezikri, Seyè nou an. Paske Jezikri se Seyè yo menm jan li Seyè nou tou.
To the church of God which is in Corinth, to those who have been made holy in Christ Jesus, saints by the selection of God, with all those who in every place give honour to the name of our Lord Jesus Christ, their Lord and ours:
τη εκκλησια του θεου τη ουση εν κορινθω ηγιασμενοις εν χριστω ιησου κλητοις αγιοις συν πασιν τοις επικαλουμενοις το ονομα του κυριου ημων ιησου χριστου εν παντι τοπω αυτων τε και ημων
- 3 Nou mande Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze.
Grace to you and peace from God our Father and the Lord Jesus Christ.
χαρις υμιν και ειρηνη απο θεου πατρος ημων και κυριου ιησου χριστου
- 4 Se tout tan m'ap di Bondye mèsi pou sa l' fè pou nou menm, frè lavil Korent yo, pou favè li te fè nou jwenn nan Jezikri.
I give praise to my God for you at all times, because of the grace of God which has been given to you in Christ Jesus;
ευχαριστω τω θεω μου παντοτε περι υμων επι τη χαριτι του θεου τη δοθειση υμιν εν χριστω ιησου
- 5 Pandan n'ap viv ansanm ak Kris la, Bondye fè nou rich nèt, li ban nou tout kalite kado: kado sa yo penmèt nou preche pawòl la tout jan epi yo ban nou anpil konesans.
So that in him you have wealth in all things, in word and in knowledge of every sort;
οτι εν παντι επλουτισθητε εν αυτω εν παντι λογω και παση γνωσει
- 6 Bon Nouvèl ki pale sou Kris la fin pran rasin nèt nan mitan nou.
Even as the witness of the Christ has been made certain among you:
καθως το μαρτυριον του χριστου εβεβαιωθη εν υμιν
- 7 Se sak fè, nou pa manke anyen nan kado Bondye bay yo, pandan n'ap tann jou lè Jezikri, Seyè nou an, pral parèt la.
So that having every grace you are living in the hope of the revelation of our Lord Jesus Christ;
ωστε υμας μη υστερεισθαι εν μηδενι χαρισματι απεκδεχομενους την αποκαλυψιν του κυριου ημων ιησου χριστου
- 8 Bondye va kenbe nou fèm jouk sa kaba. Konsa, yo p'ap jwenn anyen pou repwoche nou lè jou Jezikri, Seyè nou an, va rive.
Who will give you strength to the end, to be free from all sin in the day of our Lord Jesus Christ.
ος και βεβαιωσει υμας εως τελους ανεγκλητους εν τη ημερα του κυριου ημων ιησου χριστου
- 9 Bondye ki rele nou pou nou ka viv ansanm ak Pitit li, Jezikri, Seyè nou an, ap toujou kenbe pawòl li.
God is true, through whom you have been given a part with his Son, Jesus Christ our Lord.
πιστος ο θεος δι ου εκληθητε εις κοινωνιαν του υιου αυτου ιησου χριστου του κυριου ημων

- 10 ¶ Frè m' yo, men sa m'ap mande nou, nan non Jezikri, Seyè nou an. Tanpri, mete nou dakò sou tout bagay. Pa kite divizyon mete pye nan mitan nou. Okontrè, se pou nou viv byen yonn ak lòt. Mete yon sèl lide nan tèt nou, se pou nou tout gen yon sèl pawòl.
Now I make request to you, my brothers, in the name of our Lord Jesus Christ, that you will all say the same thing, and that there may be no divisions among you, so that you may be in complete agreement, in the same mind and in the same opinion.
παράκαλω δε υμας αδελφοι δια του ονοματος του κυριου ημων ιησου χριστου ινα το αυτο λεγητε παντες και μη η εν υμιν σχισματα ητε δε κατηρητισμενοι εν τω αυτω νοι και εν τη αυτη γνωμη
- 11 Mwen di nou sa, frè m' yo, paske m' vin konnen nan bouch kèk moun nan fanmi Kloe a, te gen gwo kont pete nan mitan nou.
Because it has come to my knowledge, through those of the house of Chloe, that there are divisions among you, my brothers.
εδηλωθη γαρ μοι περι υμων αδελφοι μου υπο των χλοης οτι εριδες εν υμιν εισιν
- 12 Men sa m' vle di: Chak moun ap di yon bagay diferan. Sa a di: mwen se moun Pòl. Yon lòt di: mwen se moun Apolòs. Yon lòt ankò di: mwen se moun Pyè. Yon lòt ankò: mwen se moun Kris la.
That is, that some of you say, I am of Paul; some say, I am of Apollos; some say, I am of Cephas; and some say, I am Christ's.
λεγω δε τουτου οτι εκαστος υμων λεγει εγω μεν ειμι παυλου εγω δε απολλω εγω δε κηφα εγω δε χριστου
To another faith in the same Spirit; and to another the power of taking away disease, by the one Spirit;
ἐτέρῳ δὲ πίστις ἐν τῷ αὐτῷ πνεύματι ἀλλῶ δὲ χάρισμα ἰαμάτων ἐν τῷ αὐτῷ πνεύματι
- 10 Lespri a bay yon moun don pou fè mirak, li bay yon lòt don pou l' bay mesaj ki soti nan Bondye. Li bay yon lòt ankò don pou l' rekonèt travay move lespri yo ak travay Lespri Bondye a. Li bay yon moun don pou l' ka pale langaj, li bay yon lòt don pou l' ka esplike sa pawòl langaj la vle di.
And to another the power of working wonders; and to another the prophet's word; and to another the power of testing spirits; to another different sorts of tongues; and to another the power of making clear the sense of the tongues:
ἀλλῶ δὲ ἐνεργήματα δυνάμεων ἀλλῶ δὲ προφητεία ἀλλῶ δὲ διακρίσεις πνευμάτων ἐτέρῳ δὲ γένη γλωσσῶν ἀλλῶ δὲ ἐρμηνεία γλωσσῶν
- 11 Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle.
But all these are the operations of the one and the same Spirit, giving to every man separately as his pleasure is.
πάντα δὲ ταῦτα ἐνεργεῖ τὸ ἐν καὶ τὸ αὐτὸ πνεῦμα διαίρουν ἰδία ἐκαστῷ καθὼς βούλεται

- 12 ¶ Kónsa, Kris la se tankou yon kò ki gen anpil manm. Kò a toujou yon sèl kò, ou mèt wè li gen anpil manm.
For as the body is one, and has a number of parts, and all the parts make one body, so is Christ.
καθαπερ γαρ το σωμα εν εστιν και μελη χει πολλα παντα δε τα μελη του σωματος του ενος πολλα οντα εν εστιν σωμα ουτως και ο χριστος
- 13 Se sak fè, nou menm, kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit nou pa esklav, nou tout nou te resevwa batèm pou n' te ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a. Nou tout nou te bwè nan yon sèl Lespri a.
For through the baptism of the one Spirit we were all formed into one body, Jews or Greeks, servants or free men, and were all made full of the same Spirit.
και γαρ εν ενι πνευματι ημεις παντες εις εν σωμα εβαπτισθημεν ειτε ιουδαιοι ειτε ελληνες ειτε δουλοι ειτε ελευθεροι και παντες εις εν πνευμα εποτισθημεν
- 14 Se pa yon sèl manm ki fè yon kò. Se anpil manm ki fè yon kò.
For the body is not one part, but a number of parts.
και γαρ το σωμα ουκ εστιν εν μελος αλλα πολλα
- 15 Si pye te ka di: Paske se pa yon men mwen ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a vre.
If the foot says, Because I am not the hand, I am not a part of the body; it is no less a part of the body.
εαν ειπη ο πους οτι ουκ ειμι χειρ ουκ ειμι εκ του σωματος ου παρα τουτο ουκ εστιν εκ του σωματος
- 16 Si zòrèy te ka di: Paske se pa yon grenn je mwen ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a vre.
And if the ear says, Because I am not the eye, I am not a part of the body; it is a part of the body all the same.
και εαν ειπη το ους οτι ουκ ειμι οφθαλμος ουκ ειμι εκ του σωματος ου παρα τουτο ουκ εστιν εκ του σωματος
- 17 Si tout kò a te yon grenn je, ki jan l' ta ka tande? Si l' te yon zòrèy, ki jan l' ta ka pran sant?
If all the body was an eye, where would be the hearing? if all was hearing, where would be the smelling?
ει ολον το σωμα οφθαλμος που η ακοη ει ολον ακοη που η οσφρησις
- 18 Men, Bondye mete divès manm nan plas yo nan kò a, jan l' vle.
But now God has put every one of the parts in the body as it was pleasing to him.
νυνι δε ο θεος εθετο τα μελη εν εκαστον αυτων εν τω σωματι καθως ηθελησεν
- 19 Pa ta gen yon kò si tout te yon sèl kalite manm.
And if they were all one part, where would the body be?
ει δε ην τα παντα εν μελος που το σωμα
- 20 Kónsa, gen anpil manm, men gen yon sèl kò.
But now they are all different parts, but one body.
νυν δε πολλα μεν μελη εν δε σωμα
- 21 Nan kondisyon sa a, grenn je a pa ka di men an: Mwen pa bezwen ou. Tèt la pa ka di pye yo: Mwen pa bezwen nou.
And the eye may not say to the hand, I have no need of you: or again the head to the feet, I have no need of you.
ου δυναται δε οφθαλμος ειπειν τη χειρι χρειαν σου ουκ εχω η παλιν η κεφαλη τοις ποσιν χρειαν υμων ουκ εχω
- 22 Okontrè, manm ki parèt pi fèb nan kò nou, se yo ki pi nesèsè.
No, those parts which seem to be feeble are the more necessary;
αλλα πολλω μαλλον τα δοκουντα μελη του σωματος ασθενεστερα υπαρχειν αναγκαια εστιν
- 23 Manm nou pa bay gwo konsiderasyon nan kò nou, nou pran swen yo plis pase lòt yo. Manm ki pa konvenab pou nou pale sou yo an sosyete, se yo menm ki resevwa yon swen apa.
And to those parts of the body which seem to have less honour we give all the more honour; and to those parts of the body which are a cause of shame to us we give the greater respect;
και α δοκουμεν ατιμωτερα ειναι του σωματος τουτοις τιμην περισσοτεραν περιτιθεμεν και τα ασχημονα ημων ευσημοσυνην περισσοτεραν χει
- 24 Manm nan kò nou ki pi prezantab, yo pa bezwen tou sa. Bondye ranje kò a yon jan pou manm ki pa jwenn anpil konsiderasyon an se li ki jwenn plis swen pase lòt yo.
But those parts of the body which are beautiful have no need of such care: and so the body has been joined together by God in such a way as to give more honour to those parts which had need of it;
τα δε ευσημονα ημων ου χρειαν χει αλλ ο θεος συνεκερασεν το σωμα τω υστερουντι περισσοτεραν δους τιμην
- 25 Kónsa, pa gen divizyon nan kò a. Men tout manm yo yonn pran swen lòt menm jan an.
So that there might be no division in the body; but all the parts might have the same care for one another.
ινα μη η σχισμα εν τω σωματι αλλα το αυτο υπερ αλληλων μεριμωσιν τα μελη

- 26 Si yon manm nan kò a ap soufri, tout lòt yo ap soufri avè l' tou. Si yon manm resevwa lwanj, tout lòt yo kontan avèk li.
And if there is pain in one part of the body, all the parts will be feeling it; or if one part is honoured, all the parts will be glad.
και ειτε πασχει εν μελος συμπασχει παντα τα μελη ειτε δοξαζεται εν μελος συγχειρει παντα τα μελη
- 27 ¶ Nou tout, nou se kò Kris la: nou chak se yon manm nan kò sa a.
Now you are the body of Christ, and every one of you the separate parts of it.
υμεις δε εστε σωμα χριστου και μελη εκ μερους
- 28 Se konsa, nou wè nan legliz la Bondye mete apòt yo an premye, pwofèt yo an dezyèm, dirèktè yo an twazyèm. Apre sa, nou jwenn moun k'ap fè mirak, moun ki gen don pou geri moun malad, moun k'ap ede lòt, moun k'ap dirije, moun ki gen don pou pale divès lang.
And God has put some in the church, first, Apostles; second, prophets; third, teachers; then those with wonder-working powers, then those with the power of taking away disease, helpers, wise guides, users of strange tongues.
και ους μεν εθετο ο θεος εν τη εκκλησια πρωτον αποστολους δευτερον προφητας τριτον διδασκαλους επαιτα δυναμεις ειτα χαρισματα ιαματων αντιληψεις κυβερνησεις γενη γλωσσων
- 29 Men, tout moun pa apòt, tout moun pa pwofèt, tout moun pa dirèktè, tout moun pa gen don pou fè mirak.
Are all Apostles? are all prophets? are all teachers? have all the power of working wonders?
μη παντες αποστολοι μη παντες προφηται μη παντες διδασκαλοι μη παντες δυναμεις
- 30 Tout moun pa gen don pou geri moun malad. Tout moun pa gen don pou pale langaj, osinon pou esplike sans pawòl langaj la.
Are all able to take away disease? have all the power of tongues? are all able to give their sense?
μη παντες χαρισματα εχουσιν ιαματων μη παντες γλωσσαις λαλουσιν μη παντες διερμηνευουσιν
- 31 Nan fon kè nou, se pou nou chache gen don ki pi enpòtan yo. Men, mwen pral moutre nou yon jan ki bon nè. Pa gen pase li.
But let your desires be turned to the more important things given by the Spirit. And now I am pointing out to you an even better way.
ζηλουτε δε τα χαρισματα τα κρειττονα και ετι καθ υπερβολην οδον υμιν δεικνυμι
- 1 ¶ Menm si mwen ta konn pale tout kalite lang moun pale ansanm ak lang zanj yo pale, si m' pa gen renmen nan kè m', bèl pawòl mwen yo pa pi plis pase yon tanbou k'ap fè anpil bwi, pase yon klòch k'ap sonnen.
If I make use of the tongues of men and of angels, and have not love, I am like sounding brass, or a loud-tongued bell.
εαν ταις γλωσσαις των ανθρωπων λαλω και των αγγελων αγαπην δε μη εχω γεγωνα χαλκος ηχων η κυμβαλον αλααζον
- 2 Menm si mwen ta gen don pou m' fè konnen mesaj ki soti nan Bondye, menm si mwen ta gen tout kalite konesans, menm si mwen ta konprann tout ti sekre ki kache, menm si mwen ta gen konfyans anpil nan Bondye pou m' fè mòn yo chanje plas, si m' pa gen renmen nan kè m', mwen pa anyen.
And if I have a prophet's power, and have knowledge of all secret things; and if I have all faith, by which mountains may be moved from their place, but have not love, I am nothing.
και εαν εχω προφητειαν και ειδω τα μυστηρια παντα και πασαν την γνωσιν και εαν εχω πασαν την πιστιν ωστε ορη μεθιστανειν αγαπην δε μη εχω ουθεν εμι
- 3 Menm si mwen ta bay tout byen mwen yo, menm si mwen ta bay kò m' pou yo boule l', si m' pa gen renmen nan kè m', sa p'ap sèvi m' anyen.
And if I give all my goods to the poor, and if I give my body to be burned, but have not love, it is of no profit to me.
και εαν ψωμισω παντα τα υπαρχοντα μου και εαν παραδω το σωμα μου ινα καυθησωμαι αγαπην δε μη εχω ουδεν ωφελουμαι
- 4 ¶ Moun ki gen renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p'ap anye sò lòt moun. Li p'ap fè grandizè, li p'ap gonfle ak lògèy.
Love is never tired of waiting; love is kind; love has no envy; love has no high opinion of itself, love has no pride;
η αγαπη μακροθυμει χρηστευεται η αγαπη ου ζηλοι η αγαπη ου περπερευεται ου φυσιουται
- 5 Moun ki gen renmen nan kè li p'ap fè anyen ki pou fè moun wont, li p'ap chache avantaj pa l', li p'ap fè kòlè, li p'ap kenbe moun nan kè.
Love's ways are ever fair, it takes no thought for itself; it is not quickly made angry, it takes no account of evil;
ουκ ασχημονει ου ζητει τα αυτης ου παροξυνεται ου λογιζεται το κακον
- 6 Moun ki gen renmen nan kè li p'ap pran plezi l' nan sa ki mal, li pran plezi l' nan sa ki vre.
It takes no pleasure in wrongdoing, but has joy in what is true;
ου χαιρει επι τη αδικια συγχειρει δε τη αληθεια
- 7 Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout bagay: nan nenpòt ki sitiasyon, li toujou gen konfyans nan Bondye, li p'ap janm pèdi espwa, l'ap toujou moutre jan li gen pasyans.
Love has the power of undergoing all things, having faith in all things, hoping all things.
παντα στεγει παντα πιστευει παντα ελπίζει παντα υπομενει

- 8 ¶ renmen pa janm fini. Pouvwa pou bay mesaj ki soti nan men Bondye a pa la pou tout tan. Pouvwa pou pale langaj gen pou fini yon lè, konesans gen pou disparèt.
Though the prophet's word may come to an end, tongues come to nothing, and knowledge have no more value, love has no end.
 η αγαπη ουδεποτε εκπιπτει ειτε δε προφητεια καταργηθησονται ειτε γλωσσαι παυσονται ειτε γνωσις καταργηθησεται
- 9 Paske, sa nou konnen, nou pa fin konnen l' nèt. Ata mesaj ki soti nan Bondye yo, nou pa fin bay yo nèt.
For our knowledge is only in part, and the prophet's word gives only a part of what is true:
 εκ μερους γαρ γνωσκομεν και εκ μερους προφητευομεν
- 10 Men, lè sa ki bon nèt la va vini, sa ki poko fin bon an gen pou l' disparèt.
But when that which is complete is come, then that which is in part will be no longer necessary.
 οταν δε ελθη το τελειον τοτε το εκ μερους καταργηθησεται
- 11 Lè m' te timoun, mwen te pale tankou timoun, mwen te konprann tankou timoun, mwen te fè tèt mwen travay tankou timoun. Men, koulye a mwen fin gran, mwen kite tou sa timoun te konn fè.
When I was a child, I made use of a child's language, I had a child's feelings and a child's thoughts: now that I am a man, I have put away the things of a child.
 οτε ημην νηπιος ως νηπιος ελαλουν ως νηπιος εφρονουν ως νηπιος ελογιζομην οτε δε γεγωνα ανηρ καταργηκα τα του νηπιου
- 12 Konsa tou, sa nou wè koulye a, se tankou yon pòtre n'ap gade yon jan twoub twoub nan yon glas. Men, pita nou pral wè fasafas. Koulye a nou pa fin konn tout bagay. Men, pita n'a konnen nèt ale menm jan Bondye konnen nou an.
For now we see things in a glass, darkly; but then face to face: now my knowledge is in part; then it will be complete, even as God's knowledge of me.
 βλεπομεν γαρ αρτι δι εσοπτρου εν ανιγματι τοτε δε προσωπον προς προσωπον αρτι γνωσκο εκ μερους τοτε δε επιγνωσομαι καθως και επεγνωσθη
- 13 Koulye a se twa bagay sa yo ki toujou la: se konfyans, se espwa, se renmen. Men, nan twa bagay sa yo, se renmen ki pi gran.
But now we still have faith, hope, love, these three; and the greatest of these is love.
 νυνι δε μενει πιστις ελπις αγαπη τα τρια ταυτα μειζων δε τουτων η αγαπη
- 1 ¶ Chache gen renmen nan kè nou. Men, se pou nou chache gen kado Sentespri bay yo tou. Chache gen don pou fè konnen mesaj ki soti nan Bondye yo.
Go after love; still desiring to have the things which the Spirit gives, but most of all that you may have the prophet's power.
 διοκετε την αγαπην ζηλουτε δε τα πνευματικα μαλλον δε ινα προφητευητε
- 2 Moun k'ap pale langaj, se ak Bondye y'ap pale. Yo p'ap pale ak moun. Pesonn pa ka konprann yo. Avèk pouvwa Sentespri a, yo di yon bann verite ki rete kache pou tout moun.
For he who makes use of tongues is not talking to men but to God; because no one has the sense of what he is saying; but in the Spirit he is talking of secret things.
 ο γαρ λαλων γλωσση ουκ ανθρωποις λαλει αλλα τω θεω ουδεις γαρ ακουει πνευματι δε λαλει μυστηρια
- 3 Okontrè, moun k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye, se ak moun y'ap pale pou fè yo grandi nan konfyans yo nan Bondye, pou ankouraje yo, pou konsole yo.
But the word of the prophet gives men knowledge and comfort and strength.
 ο δε προφητευων ανθρωποις λαλει οικοδομην και παρακλησιν και παραμυθιαν
- 4 Moun k'ap pale langaj, se konfyans pa l' ase l'ap bay fòs. Men, moun k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye yo, se konfyans tout legliz la l'ap bay fòs.
He who makes use of tongues may do good to himself; but he who gives the prophet's word does good to the church.
 ο λαλων γλωσση εαντον οικοδομει ο δε προφητευων εκκλησιαν οικοδομει
- 5 Mwen dakò pou nou tout pale langaj. Men, mwen ta pito wè n'ap bay mesaj ki soti nan Bondye. Moun k'ap bay mesaj konsa, yo fè plis byen pou legliz la pase moun k'ap pale langaj, esepite si gen yon lòt moun ki ka esplikè sa y'ap di a. Lè sa a, se tout legliz la k'ap grandi nan konfyans tou.
Now though it is my desire for you all to have the power of tongues, it would give me more pleasure to be hearing the prophet's word from you; for this is a greater thing than using tongues, if the sense is not given at the same time, for the good of the church.
 θελω δε παντας υμας λαλειν γλωσσαις μαλλον δε ινα προφητευητε μειζων γαρ ο προφητευων η ο λαλων γλωσσαις εκτος ει μη διερμηνευη ινα η εκκλησια οικοδομην λαβη
- 6 ¶ M'ap mande nou kichò, frè m' yo: Si m' vin lakay nou, kisa pou sa fè pou nou si m' pale langaj? Sa p'ap sèvi nou anyen. Men, si m' ban nou yon revelasyon, yon konesans, yon mesaj ki soti nan Bondye, osinon si mwen moutre nou kichò, se sa k'ap sèvi nou.
But, now, my brothers, if I come to you using tongues, what profit will it be to you, if I do not give you a revelation, or knowledge, or the word of the prophet, or teaching?
 νυνι δε αδελφοι εαν ελθω προς υμας γλωσσαις λαλων τι υμας ωφελησω εαν μη υμιν λαλησω η εν αποκαλυψει η εν γνωσει η εν προφητεια η εν διδαχη
- 7 Annou konsidere bagay ki pa gen lavi nan yo tankou enstriman mizik yo konsa. Ann pran yon fif, osinon yon gita. Ki jan yon moun ka fè konnen ki moso mizik k'ap jwe si son yo pa klè?
Even things without life, having a voice, such as a music-pipe or other instrument, if they do not give out different sounds, who may be certain what is being played?
 ομως τα ανυχα φωνην διδοντα ειτε αυλος ειτε κιθαρα εαν διαστολην τοις φθογγοις μη δω πως γνωσθησεται το αυλουμενον η το κιθαριζομενον

- 8 Si moun k'ap kònen klewon an pa fè son yo soti klè, ki sòlda ki pral pare kò l' pou li al goumen?
For if the war-horn gives out an uncertain note, who will get ready for the fight?
και γαρ εαν αδηλον φωνη σαλπιγξ δω τις παρασκευασεται εις πολεμον
- 9 Konsa tou, ki moun ki pral konprann sa w'ap di a si mesaj w'ap bay an langaj la pa klè? Se pou van w'ap pale!
So if you, in using a strange tongue, say words which have no sense, how will anyone take in what you are saying? for you will be talking to the air.
ουτως και υμεις δια της γλωσσης εαν μη ευσημον λογον δωτε πως γνωσθησεται το λαλουμενον εσεσθε γαρ εις αερα λαλουντες
- 10 Moun pale divès kalite lang sou latè, men pa gen yonn ki pa gen sans.
There are, it may be, a number of different voices in the world, and no voice is without sense.
τοσαυτα ει τυχοι γενη φωνων εστιν εν κοσμω και ουδεν αυτων αφωνον
- 11 Men, si m' pa konprann yon mo nan lang y'ap pale avè m' lan, moun k'ap pale lang sa a, l'ap yon etranje pou mwen, mwen menm tou m'ap yon etranje pou li.
But if the sense of the voice is not clear to me, I am like a man from a strange country to him who is talking, and he will be the same to me.
εαν ουν μη ειδω την δυναμιν της φωνης εσομαι τω λαλουντι βαρβαρος και ο λαλων εν εμοι βαρβαρος
- 12 Konsa tou pou nou. N'ap chache gen kado ki soti nan Lespri Bondye a. Dakò. Men, anvan tout bagay, sa pou n' chache an kantite a se don ki pou ede legliz la grandi nan konfyans.
So if you are desiring the things which the Spirit gives, let your minds be turned first to the things which are for the good of the church.
ουτως και υμεις επει ζηλωται εστε πνευματων προς την οικοδομην της εκκλησιας ζητειτε ινα περισσευητε
- 13 Se sak fè, lè yon moun ap pale langaj, se pou l' mande Bondye don pou l' ka esplike sans mo yo.
For this reason, let the man who has the power of using tongues make request that he may, at the same time, be able to give the sense.
διοπερ ο λαλων γλωσση προσευχεσθω ινα διερμηγενη
- 14 Lè m'ap lapriyè nan langaj, se bonnanj mwen k'ap lapriyè, men lespri mwen pa travay.
For if I make use of tongues in my prayers, my spirit makes the prayer, but not my mind.
εαν γαρ προσευχομαι γλωσση το πνευμα μου προσευχεται ο δε νους μου ακαρπος εστιν
- 15 ¶ Kisa m' pral fè koulye a? Mwen pral lapriyè avèk bonnanj mwen, men mwen pral lapriyè avèk lespri mwen tou. Mwen pral chante avèk bonnanj mwen, men mwen pral chante avèk lespri mwen tou.
What then? let my prayer be from the spirit, and equally from the mind; let my song be from the spirit, and equally from mind.
τι ουν εστιν προσευξομαι τω πνευματι προσευξομαι δε και τω νοι ψαλω τω πνευματι ψαλω δε και τω νοι
- 16 Konsa tou, si w'ap di Bondye mèsi nan langaj, ki jan pou moun k'ap koute ou nan asanble a ka reponn "amèn" lè ou fin fè lapriyè a, si li pa konprann sa w'ap di a?
For if you give a blessing with the spirit, how will the man who has no knowledge say, So be it, after your prayer, seeing that he has not taken in what you are saying?
επει εαν ευλογησης τω πνευματι ο αναπληρων τον τοπον του ιδιωτου πως ερει το αμην επι τη ση ευχαριστηια επειδη τι λεγεις ουκ οιδεν
- 17 Mwen dakò avèk nou, nou te ka fè yon bèl lapriyè pou di Bondye mèsi, men konfyans lòt moun yo pa pwofite.
For your giving of the blessing is certainly well done, but of no profit to the man without knowledge.
συ μεν γαρ καλως ευχαριστεις αλλ ο ετερος ουκ οικοδομειται
- 18 Mwen di Bondye mèsi dèske mwen pale langaj pase nou tout.
I give praise to God that I am able to make use of tongues more than you all:
ευχαριστω τω θεω μου παντων υμων μαλλον γλωσσαις λαλων
- 19 Men, nan mitan legliz la, mwen pito di senk ti mo tout moun ka konprann pou lòt yo ka grandi nan konfyans yo tou pase pou m' di yon pakèt mo nan langaj.
But in the church it would be better for me to make use of five words of which the sense was clear, so that others might have profit, than ten thousand words in a strange tongue.
αλλ εν εκκλησια θελω πεντε λογους δια του νοου μου λαλησαι ινα και αλλους κατηχησω η μυριους λογους εν γλωσση
- 20 Frè m' yo, pa aji tankou timoun lè n'ap fè lespri nou travay. Nou mèt aji an timoun annegad sa ki mal. Men, aji an granmoun lè n'ap fè lespri nou travay.
My brothers, do not be children in mind: in evil be as little children, but in mind be of full growth.
αδελφοι μη παιδια γινεσθε ταις φρεσιν αλλα τη κακια νηπιαζετε ταις δε φρεσιν τελειοι γινεσθε
- 21 ¶ Men sa ki ekri nan Liv lalwa a: M'a pale avèk pèp la nan bouch moun lòt peyi, nan bouch moun ki pale lòt lang. Men malgre sa, pèp mwen an p'ap koute mwen.
In the law it is said, By men of other tongues and by strange lips will my words come to this people; and not even so will they give ear to me, says the Lord.
εν τω νομω γεγραπται οτι εν ετερογλωσσοις και εν χειλεισιν ετεροις λαλησω τω λαω τουτω και ουδ ουτως εισακουσονται μου λεγει κυριος

- 22 Se Bondye menm ki di sa. Se sak fè, lè yon moun gen don pou l' pale langaj, sa se yon siy pou moun ki pa gen konfyans nan Kris la. Se pa yon siy pou moun ki gen konfyans yo. Okontrè, lè yon moun gen don pou l' bay mesaj ki soti nan Bondye, sa se yon siy pou moun ki gen konfyans yo, men pa pou moun ki pa gen konfyans nan Kris la.
For this reason tongues are for a sign, not to those who have faith, but to those who have not: but the prophet's word is for those who have faith, and not for the rest who have not.
ὥστε αἱ γλώσσαις εἰς σημεῖον εἰσὶν οὐ τοῖς πιστευουσὶν ἀλλὰ τοῖς ἀπιστοῖς ἢ δὲ προφητεία οὐ τοῖς ἀπιστοῖς ἀλλὰ τοῖς πιστευουσὶν
- 23 Lè tout legliz la sanble, sipoze tout moun ap pale langaj, si yon moun deyò osinon yon moun ki pa kwè vin antre kote nou ye a, èske li p'ap di se yon bann moun fou nou ye?
If, then, the church has come together, and all are using tongues, and there come in men without knowledge or faith, will they not say that you are unbalanced?
εἰν οὖν συνελθῆ ἡ ἐκκλησία ὅλη ἐπὶ τὸ αὐτὸ καὶ πάντες γλώσσαις λαλοῦσιν εἰσελθῶσιν δὲ ἰδιῶται ἢ ἀπίστοι οὐκ ἐροῦσιν ὅτι μαινέσθε
- 24 Men, si tout moun ap bay mesaj ki soti nan Bondye, lè sa a yon moun ki pa kwè, osinon yon moun deyò, si l' vin rive, sa la tandè a va fè l' wè akèlè se nan peche l'ap viv. Tou sa l'ap tandè a pral jije li.
But if all are teaching as prophets, and a man without faith or knowledge comes in, he is tested by all, he is judged by all;
εἰν δὲ πάντες προφητεύουσιν εἰσελθῆ δὲ τις ἀπίστος ἢ ἰδιώτης ἐλεγχεται ὑπὸ πάντων ἀνακρίνεται ὑπὸ πάντων
- 25 Tout lide li te gen kache nan kè l' ap parèt deyò. Lè sa a, la bese tèt li, la adore Bondye, la di konsa: Wi, se vre. Bondye nan mitan nou.
The secrets of his heart are made clear; and he will go down on his face and give worship to God, saying that God is truly among you.
καὶ οὕτως τὰ κρυπτά τῆς καρδίας αὐτοῦ φανερά γίνονται καὶ οὕτως πέσω ἐπὶ προσώπων προσκυνήσει τῷ θεῷ ἀπαγγέλλων ὅτι ὁ θεὸς ὄντως ἐν ὑμῖν ἐστὶν
- 26 ¶ Pou fini, kisa m' vle di menm, frè m' yo? Lè nou sanble pou sèvis Bondye a yon moun va gen yon kantik pou l' chante, yon lòt va gen kichòy pou l' moutre nou, yon lòt va gen yon revelasyon pou l' bay, yon lòt ankò va gen yon mesaj an langaj, yon lòt menm va bay espplikasyon mesaj la: Se pou tou sa k'ap fèt ede legliz la grandi nan lafwa.
What is it then, my brothers? when you come together everyone has a holy song, or a revelation, or a tongue, or is giving the sense of it. Let everything be done for the common good.
τί οὖν ἐστὶν ἀδελφοὶ ὅταν συνερχέσθε ἕκαστος ὑμῶν ψάλλον ἔχει διδασχὴν ἔχει γλώσσαν ἔχει ἀποκαλύψιν ἔχει ἐρμηνείαν ἔχει πάντα πρὸς οἰκοδομὴν γενέσθω
- 27 Si gen moun k'ap pale langaj, fòk gen de ou twa pa plis, epi yonn apre lòt. Se pou gen yon moun tou k'ap esplike sa y'ap di a.
If any man makes use of a tongue, let it not be more than two, or at the most three, and in turn; and let someone give the sense:
εἴτε γλώσση τις λαλεῖ κατὰ δύο ἢ τὸ πλεῖστον τρεῖς καὶ ἀνα μερὸς καὶ εἰς διερμηνεύετω
- 28 Si pa gen moun ki pou bay espplikasyon, se pou moun k'ap pale langaj yo tou rezilyen yo pe bouch yo nan asanble a. Y'a pale pou kont yo nan kè yo ak Bondye.
But if there is no one to give the sense, let him keep quiet in the church; and let his words be to himself and to God.
εἰν δὲ μὴ ἢ διερμηνεύτης σιγατῶ ἐν ἐκκλησία εαυτῷ δὲ λαλεῖτω καὶ τῷ θεῷ
- 29 Pou moun k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye yo, se de ou twa ase ki pou pran lapawòl. Tout lòt yo va jije sa y'ap di a.
And let the prophets give their words, but not more than two or three, and let the others be judges of what they say.
προφηταὶ δὲ δύο ἢ τρεῖς λαλειώσαν καὶ οἱ ἄλλοι διακρίνετώσαν
- 30 Men, si yon moun nan asanble a resewva yon revelasyon nan men Bondye, se pou moun k'ap pale a pe bouch li.
But if a revelation is given to another who is seated near, let the first be quiet.
εἰν δὲ ἄλλῳ ἀποκαλυφθῆ καθημένῳ ὁ πρῶτος σιγατῶ
- 31 Nou tout kapab bay mesaj ki soti nan Bondye, yonn apre lòt. Konsa, tout moun va aprann kichòy, tout moun va ankouraje.
For you may all be prophets in turn so that all may get knowledge and comfort;
δύνασθε γὰρ καθ' ἓνα πάντες προφητεύειν ἵνα πάντες μανθάνωσιν καὶ πάντες παρακαλῶνται
- 32 Moun k'ap bay mesaj ki soti nan Bondye yo, se yo menm ki pou kontwole don yo genyen an.
And the spirits of the prophets are controlled by the prophets;
καὶ πνεύματα προφητῶν προφηταῖς ὑποτάσσεται
- 33 Paske, Bondye pa rele nou pou nou viv nan fè dezòd, men li rele nou pou nou viv ak kè poze. Tankou sa fèt nan tout legliz pèp Bondye a,
For God is not a God whose ways are without order, but a God of peace; as in all the churches of the saints.
οὐ γὰρ ἐστὶν ἀκαταστάσιος ὁ θεὸς ἀλλ' εἰρηνῆς ὡς ἐν πάσαις ταῖς ἐκκλησίαις τῶν ἁγίων
- 34 ¶ fanm pa fèt pou pale nan asanble yo. Yo pa ba yo dwa sa a. Jan nou jwenn sa ekri nan lalwa Bondye a: se pou yo soumèt yo.
Let women keep quiet in the churches: for it is not right for them to be talking; but let them be under control, as it says in the law.
αἱ γυναῖκες ὑμῶν ἐν ταῖς ἐκκλησίαις σιγατώσαν οὐ γὰρ ἐπιτετραπται αὐταῖς λαλεῖν ἀλλ' ὑποτάσσεσθαι καθὼς καὶ ὁ νομὸς λέγει

- 35 Si yo bezwen mande kichòy, y'a mande mari yo lè yo lakay yo. Non. Sa pa fèt pou fanm yo pale nan asanble a.
And if they have a desire for knowledge about anything, let them put questions to their husbands privately: for talking in the church puts shame on a woman.
 ει δε τι μαθειν θελουσιν εν οικω τους ιδιους ανδρας επρωτατωσαν αισχρον γαρ εστιν γυναιξιν εν εκκλησια λαλειν
- 36 ¶ Eske se lakay nou pawòl Bondye a soti? Osinon, èske se nou menm ase ki te resevwa li?
What? was it from you that the word of God went out? or did it only come in to you?
 η αφ υμων ο λογος του θεου εξηλθεν η εις υμας μονους κατητησεν
- 37 Si yon moun kwè se Bondye ki voye l', osinon si li kwè li resevwa kèk don ki soti nan Sentepri Bondye a, se pou l' rekonèt sa m' ekri a se yon lòd ki soti nan Seyè a.
If any man seems to himself to be a prophet or to have the Spirit, let him take note of the things which I am writing to you, as being the word of the Lord.
 ει τις δοκει προφητης εινα η πνευματικος επιγνωσκειτω α γραφω υμιν οτι του κυριου εισιν εντολαι
- 38 Men, si li pa rekonèt sa, nou pa bezwen okipe l' ankò.
But if any man is without knowledge, let him be so.
 ει δε τις αγνοει αγνοειτω
- 39 Konsa, frè m' yo, anvan tout bagay, se pou nou chache don pou nou ka bay mesaj ki soti nan Bondye. Pa anpeche moun pale langaj.
So then, my brothers, let it be your chief desire to be prophets; but let no one be stopped from using tongues.
 ωστε αδελφοι ζηλουτε το προφητευειν και το λαλειν γλωσσαις μη κωλυετε
- 40 Men, tout bagay fèt pou fèt avèk respè, avèk disiplin.
Let all things be done in the right and ordered way.
 παντα ευσημονως και κατα ταξιν γινεσθω
- 1 ¶ Frè m' yo, mwen vle fè nou chonje bon nouvèl mwen te anonse nou an, bon nouvèl nou te resevwa a. Se ladan l' tou nou kanpe byen fèm.
Now I am going to make clear to you, my brothers, what the good news was which I gave to you, and which you took, and on which your faith is based,
 γνωριζω δε υμιν αδελφοι το ευαγγελιον ο ευηγγελισαμην υμιν ο και παρελαβετε εν ω και εστηκατε
- 2 Se li menm k'ap delivre nou tou, depi nou kenbe l' jan mwen te anonse l' ban nou an. Si se pa konsa, se ta pou gremesi nou ta mete konfyans nou nan Bondye.
By which you have salvation; that is to say, the form in which it was given to you, if it is fixed in your minds, and if your faith in it is not without effect.
 δι ου και σωζεσθε τινι λογω ευηγγελισαμην υμιν ει κατεχετε εκτος ει μη ειχη επιστευσατε
- 3 Bagay mwen te moutre nou, se sa mwen menm mwen te resevwa. Se yo menm ki pi konsekans. Men yo: Kris te mouri pou peche nou, dapre sa ki ekri nan Liv la.
For I gave to you first of all what was handed down to me, how Christ underwent death for our sins, as it says in the Writings;
 παρεδωκα γαρ υμιν εν πρωτοις ο και παρελαβον οτι χριστος απεθανεν υπερ των αμαρτιων ημων κατα τας γραφας
- 4 Yo te antere l', li te leve soti vivan sou twa jou apre l' te fin mouri, jan sa te ekri nan Liv la tou.
And he was put in the place of the dead; and on the third day he came back from the dead, as it says in the Writings;
 και οτι εταφη και οτι εγηγερται τη τριτη ημερα κατα τας γραφας
- 5 Li te fè Pyè wè li. Lèfini li te fè douz apòt yo wè l' tou.
And he was seen by Cephas; then by the twelve;
 και οτι ωφθη κηφα ειτα τοις δωδεκα
- 6 Apre sa, li te fè pou pi piti senksan (500) frè wè l' anmenmtan. Gen ladan yo ki mouri deja, men pifò ladan yo ap viv jouk koulye a toujou.
Then by more than five hundred brothers at the same time, most of whom are still living, but some are sleeping;
 επαιτα ωφθη επανω πεντακοσιοις αδελφοις εφασαξ εξ ων οι πλειους μενουσιν εως αρτι τινες δε και εκοιμηθησαν
- 7 Yon lòt fwa li te parèt ankò, li te fè Jak wè li. Apre sa, li te fè tout lòt apòt yo wè l' ankò.
Then he was seen by James; then by all the Apostles.
 επαιτα ωφθη ιακωβω ειτα τοις αποστολοις πασιν
- 8 Apre tout moun sa yo, li te fè m' wè l' tou, mwen menm ki tou sanble yon pitit ki fèt anvan tèm.
And last of all, as by one whose birth was out of the right time, he was seen by me.
 εσχατον δε παντων ωσπερει τω εκτροματι ωφθη καμοι

- 9 Se mwen menm ki pi piti nan apòt yo. Mwen pa menm merite pou yo ta rele m' apòt, pou jan m' te pèsekite legliz Bondye a.
For I am the least of the Apostles, having no right to be named an Apostle, because of my cruel attacks on the church of God.
 εγω γαρ εμι ο ελαχιστος των αποστολων ος ουκ εμι ικανος καλεισθαι αποστολος διοτι εδιωξα την εκκλησιαν του θεου
- 10 Se favè Bondye fè m' lan ki fè m' sa m' ye a. Men, li pa t' gaspiye favè l' lè li te fè sa pou mwen. Okontrè, mwen travay pase tout lòt apòt yo. Men, pou di vre, se pa mwen menm ki fè travay sa yo, se favè Bondye fè m' lan ki fè sa konsa.
But by the grace of God, I am what I am: and his grace which was given to me has not been for nothing; for I did more work than all of them; though not I, but the grace of God which was with me.
 χαριτι δε θεου εμι ο εμι και η χαρις αυτου η εις εμε ου κενη εγενηθη αλλα περισσοτερον αυτων παντων εκοπιασα ουκ εγω δε αλλ η χαρις του θεου η συν εμοι
- 11 Se sak fè, kit se mwen, kit se lòt apòt yo, sa m' sot di a, se sa nou tout n'ap fè moun konnen, se pa nan lòt bagay nou te kwè.
If then it is I who am the preacher, or they, this is our word, and to this you have given your faith.
 ειτε ουν εγω ειτε εκεινοι ουτως κηρυσσομεν και ουτως επιστευσατε
- 12 ¶ Men sa n'ap fè nou konnen an: Kris la te leve soti vivan nan lanmò. Bon. Kouman fè gen lòt moun nan mitan nou k'ap di moun mouri yo p'ap leve ankò?
Now if the good news says that Christ came back from the dead, how do some of you say that there is no coming back from the dead?
 ει δε χριστος κηρυσσεται οτι εκ νεκρων εγηγερται πως λεγουσιν τινες εν υμιν οτι αναστασις νεκρων ουκ εστιν
- 13 Si moun mouri yo p'ap leve ankò, Kris la tou pa te leve soti vivan nan lanmò.
But if there is no coming back from the dead, then Christ has not come back from the dead:
 ει δε αναστασις νεκρων ουκ εστιν ουδε χριστος εγηγερται
- 14 Si Kris la pa te leve soti vivan nan lanmò, mwen menm mwen pa ta gen anyen pou m' anonse nou, epi nou menm, nou pa ta gen anyen pou nou kwè.
And if Christ did not come again from the dead, then our good news and your faith in it are of no effect.
 ει δε χριστος ουκ εγηγερται κενον αρα το κηρυγμα ημων κενη δε και η πιστις υμων
- 15 Sa ki pi rèd ankò, yo ta mèd di n'ap fè manti sou Bondye lè nou di Bondye te fè Kris la leve soti vivan nan lanmò. Paske sa pa ta vre, si moun mouri pa leve.
Yes, and we are seen to be false witnesses of God; because we gave witness of God that by his power Christ came again from the dead: which is not true if there is no coming back from the dead.
 ευρισκομεθα δε και ψευδομαρτυρες του θεου οτι εμαρτυρησαμεν κατα του θεου οτι ηγειρεν τον χριστον ον ουκ ηγειρεν ειπερ αρα νεκροι ουκ εγειρονται
- 16 Si moun mouri pa ka leve, Kris la tou pa te leve soti vivan nan lanmò.
For if it is not possible for the dead to come to life again, then Christ has not come to life again:
 ει γαρ νεκροι ουκ εγειρονται ουδε χριστος εγηγερται
- 17 Si Kris la pa te leve soti vivan nan lanmò, sa nou te kwè a pa ta vo anyen, paske nou ta toujou ap viv nan peche nou yo.
And if that is so, your faith is of no effect; you are still in your sins.
 ει δε χριστος ουκ εγηγερται ματαια η πιστις υμων ετι εστε εν ταις αμαρτιαις υμων
- 18 Konsa tou, tout moun sa yo ki te kwè nan Kris la epi ki mouri deja, yo tout se moun ki pèdi nèt tou.
And, in addition, the dead in Christ have gone to destruction.
 αρα και οι κοιμηθεντες εν χριστω απολωντο
- 19 Si espwa nou gen nan Kris la se sèlman pou lavi sa a li bon, nou se moun ki pi malere ki ta gen sou latè.
If in this life only we have hope in Christ, we are of all men most unhappy.
 ει εν τη ζωη ταυτη ηλπικοτες εσμεν εν χριστω μονον ελεεινότεροι παντων ανθρωπων εσμεν
- 20 ¶ Men, se pa konsa bagay la ye. Okontrè. Kris la te leve soti vivan nan lanmò. Konsa li bay garanti tout moun ki mouri gen pou leve vivan ankò.
But now Christ has truly come back from the dead, the first-fruits of those who are sleeping.
 νυνι δε χριστος εγηγερται εκ νεκρων απαρχη των κεκοιμημενων εγενετο
- 21 Paske menm jan se yon sèl moun ki fè lanmò antre sou latè, menm jan an tou se yon sèl moun ki fè moun ki mouri yo kapab leve vivan ankò.
For as by man came death, so by man there is a coming back from the dead.
 επειδη γαρ δι ανθρωπου ο θανατος και δι ανθρωπου αναστασις νεκρων
- 22 Menm jan tout moun gen pou mouri paske yo fè yonn ak Adan, konsa tou, tout moun ki fè yonn ak Kris la ap gen lavi ankò.
For as in Adam death comes to all, so in Christ will all come back to life.
 ωσπερ γαρ εν τω αδαμ παντες αποθησκουσιν ουτως και εν τω χριστω παντες ζωοποιηθησονται

- 23 Men, chak moun va leve soti nan lanmò nan tan pa yo: Kris la an premye anvan tout moun, apre sa, moun ki pou Kris la, se va tou pa yo pou yo leve soti vivan lè Kris la va tounen ankò.
But every man in his right order: Christ the first-fruits; then those who are Christ's at his coming.
εκαστος δε εν τω ιδιω ταγματι απαρχη χριστος επειτα οι χριστου εν τη παρουσια αυτου
- 24 Apre sa, se va lafen. Lè sa a, Kris la menm pral kraze tout chèf, tout otorite ak tout pouvwa. Lè l' fini, l'ap renmèt gouvènman peyi kote li wa a nan men Bondye Papa a.
Then comes the end, when he will give up the kingdom to God, even the Father; when he will have put an end to all rule and to all authority and power.
ειτα το τελος οταν παραδω την βασιλειαν τω θεω και πατρι οταν καταργηση πασαν αρχην και πασαν εξουσιαν και δυναμιν
- 25 Paske Kris la gen pou l' gouvènè tankou yon wa jouk lè Bondye va fin genyen batay la nèt sou tout lènmi l' yo, pou l' mete yo anba pye li.
For his rule will go on till he has put all those who are against him under his feet.
δει γαρ αυτον βασιλευειν αχρις ου αν θη παντας τους εχθρους υπο τους ποδας αυτου
- 26 Nan tout lènmi l' yo, se lanmò k'ap kraze an dènè.
The last power to come to an end is death.
εσχατος εχθρος καταργειται ο θανατος
- 27 Se sa ki ekri nan Liv la: Bondye mete tout bagay anba pye li. Men, lè yo di: tout bagay, nou tou konprann Bondye pa ladan l', paske se li menm k'ap mete tout bagay sou lòd Kris la.
For, as it says, He has put all things under his feet. But when he says, All things are put under him, it is clear that it is not said about him who put all things under him.
παντα γαρ υπεταξεν υπο τους ποδας αυτου οταν δε ειπη οτι παντα υποτακταται δηλον οτι εκτος του υποταξαντος αυτω τα παντα
- 28 Apre tout bagay va vin sou lòd Kris la, li menm, Pitit la, li va soumèt tèt li devan Bondye ki va mete tout bagay anba pye li. Konsa, Bondye li menm va donminen nèt sou tout bagay.
And when all things have been put under him, then will the Son himself be under him who put all things under him, so that God may be all in all.
οταν δε υποταγη αυτω τα παντα τοτε και αυτος ο υιος υποταγησεται τω υποταξαντι αυτω τα παντα ινα η ο θεος τα παντα εν πασιν
- 29 Koulye a ann konsidere moun ki resewva batèm pou moun ki mouri deja yo: Dèyè kisa yo te ye menm lè yo te fè sa? Si se vre moun mouri pa janm leve jan yo di a, poukisa pou yo te resewva batèm pou moun ki mouri deja yo?
Again, what will they do who are given baptism for the dead? if the dead do not come back at all, why are people given baptism for them?
επει τι ποιησουσιν οι βαπτιζομενοι υπερ των νεκρων ει ολωσ νεκροι ουκ εγειρονται τι και βαπτιζονται υπερ των νεκρων
- 30 Epi mwen menm atò, poukisa tout tan m'ap riske lavi mwen konsa?
And why are we in danger every hour?
τι και ημεις κινδυνευομεν πασαν ωραν
- 31 Frè m' yo, se chak jou m'ap manke mouri. Si m' di nou sa, se paske nou fè mwen kontan anpil jan nou viv ansanm nan Jezikri, Seyè nou an.
Yes, truly, by your pride in me, my brothers in Christ Jesus our Lord, my life is one long death.
καθ ημεραν αποθησκω νη την ημετεραν καυχησιν ην εχω εν χριστω ιησου τω κυριω ημων
- 32 Si se te pou rezon lèzòm mete nan tèt yo mwen te goumen yon jan tankou ak bèt fewòs isit nan lavil Efèz la, ki avantaj mwen jwenn nan sa? Yon fwa moun ki mouri p'ap janm leve vivan ankò, ann fè tankou pwovèb la di: Ann manje, ann bwè, paske denmen n'ap mouri.
If, after the way of men, I was fighting with beasts at Ephesus, what profit is it to me? If the dead do not come to life again, let us take our pleasure in feasting, for tomorrow we come to an end.
ει κατα ανθρωπον εθριομαχησα εν εφεσω τι μοι το οφελος ει νεκροι ουκ εγειρονται φαγομεν και πιωμεν αυριον γαρ αποθησκομεν
- 33 Piga nou twonpe tèt nou: move zanmi gate bon levasyon.
Do not be tricked by false words: evil company does damage to good behaviour.
μη πλανασθε φθειρουσιν ηθη χρησθ ομιλιαι κακαι
- 34 Reprann bon sans nou. Sispann fè peche. M'ap di nou sa pou m' fè nou manyè wont, paske gen anpil nan nou ki pa konn Bondye menm.
Be awake to righteousness and keep yourselves from sin; for some have no knowledge of God: I say this to put you to shame.
εκνηψατε δικαιως και μη αμαρτανετε αγνωσιαν γαρ θεου τινες εχουσιν προς εντροπην υμιν λεγω
- 35 ¶ Men, yon moun va mande m': Ki jan moun ki mouri yo pral leve soti vivan nan lanmò? Ki kalite kò yo va genyen?
But someone will say, How do the dead come back? and with what sort of body do they come?
αλλ ερει τις πως εγειρονται οι νεκροι ποιω δε σωματι ερχονται

- 36 Ou pa konprann anyen, monchè! Lè ou simen yon grenn nan tè, li pa ka leve si l' pa mouri anvan.
Foolish man, it is necessary for the seed which you put into the earth to undergo death in order that it may come to life again:
αφρον συ ο σπειρεις ου ζωοποιεται εαν μη αποθανη
- 37 Sa ou simen an, se yon grenn li ye, se ka yon grenn mayi, se ka yon lòt kalite grenn. Ou pa janm plante plant lan menm.
And when you put it into the earth, you do not put in the body which it will be, but only the seed, of grain or some other sort of plant;
και ο σπειρεις ου το σωμα το γενησομενον σπειρεις αλλα γυμνον κοκκον ει τυχοι σιτου η τινος των λοιπων
- 38 Bondye fè chak grenn pouse jan li vle. Li bay chak plant fòm ki ale ak yo.
But God gives it a body, as it is pleasing to him, and to every seed its special body.
ο δε θεος αυτω διδωσιν σωμα καθως ηθελησεν και εκαστω των σπερματων το ιδιον σωμα
- 39 Tout vyann pa menm vyann. Moun gen yon kalite vyann, bèt kat pa t' gen yon lòt kalite vyann, zwazo gen yon lòt kalite vyann, pwason yo gen yon lòt kalite vyann ankò.
All flesh is not the same flesh: but there is one flesh of men, another of beasts, another of birds, and another of fishes.
ου πασα σαρξ η αυτη σαρξ αλλα αλλη μεν σαρξ ανθρωπων αλλη δε σαρξ κτηνων αλλη δε ιχθυων αλλη δε πτηνων
- 40 Konsa tou, gen kò ki fèt pou syèl la, gen kò ki fèt pou tè a. Men, yo chak bèl nan jan pa yo: Kò ki fèt pou syèl la gen yon bèlte ki pa menm ak bèlte kò ki fèt pou tè a.
And there are bodies of heaven and bodies of earth, but the glory of the one is different from that of the other.
και σωματα επουρανια και σωματα επιγεια αλλ ετερα μεν η των επουρανιων δοξα ετερα δε η των επιγειων
- 41 Limyè solèy la gen bèlte pa l', lalin lan gen bèlte pa l', zetwal yo gen bèlte pa yo tou. Menm nan zetwal yo, yo chak gen bèlte pa yo.
There is one glory of the sun, and another glory of the moon, and another glory of the stars; for the glory of one star is different from that of another.
αλλη δοξα ηλιου και αλλη δοξα σεληνης και αλλη δοξα αστερων αστηρ γαρ αστερος διαφερει εν δοξη
- 42 Se menm jan an sa pral ye lè moun ki mouri yo va leve soti vivan nan lanmò. Lè yo te antere kò a, se te yon kò ki te kapab pouri. Men, lè kò a va leve soti vivan nan lanmò, l'ap yon kò ki p'ap kapab pouri.
So is it with the coming back from the dead. It is planted in death; it comes again in life:
ουτως και η αναστασις των νεκρων σπειρεται εν φθορα εγειρεται εν αφθαρσια
- 43 Lè yo te antere l', li te yon kò tou lèd, tou fèb. Men, lè li va leve vivan ankò, l'ap bèl, l'ap gen fòs.
It is planted in shame; it comes again in glory: feeble when it is planted, it comes again in power:
σπειρεται εν ατιμια εγειρεται εν δοξη σπειρεται εν ασθενεια εγειρεται εν δυναμει
- 44 Lè yo te antere l', li te yon kò ki fèt ak labou. Men, lè la leve vivan, l'ap tounen yon kò ki sòti nan Lespri. Si gen yon kò ki fèt ak labou, fòk gen yon kò ki soti nan Lespri tou.
It is planted a natural body; it comes again as a body of the spirit. If there is a natural body, there is equally a body of the spirit.
σπειρεται σωμα ψυχικον εγειρεται σωμα πνευματικον εστιν σωμα ψυχικον και εστιν σωμα πνευματικον
- 45 Se nan sans sa a yo te ekri: Bondye te kreye premye nonm lan, Adan, ak yon kò ki gen lavi. Men, dènye Adan an, se yon lespri ki bay lavi.
And so it is said, The first man Adam was a living soul. The last Adam is a life-giving spirit.
ουτως και γεγραπται εγενετο ο πρωτος ανθρωπος αδαμ εις ψυχην ζωσαν ο εσχατος αδαμ εις πνευμα ζωοποιουν
- 46 Se pa kò ki soti nan Lespri a ki te vin an premye. Se kò ki fèt ak labou a ki te la anvan, kò ki soti nan Lespri a vin apre.
But that which is natural comes before that which is of the spirit.
αλλ ου πρωτον το πνευματικον αλλα το ψυχικον επειτα το πνευματικον
- 47 Premye Adan an, Bondye te fè l' ak pousyè tè. Men, dezyèm Adan an, li menm se nan syèl li soti.
The first man is from the earth, and of the earth: the second man is from heaven.
ο πρωτος ανθρωπος εκ γης χοικος ο δευτερος ανθρωπος ο κυριος εξ ουρανου
- 48 Tout moun ki pou latè, yo sanble ak moun ki te fèt ak tè a. Tout moun ki pou syèl la, yo sanble ak moun ki soti nan syèl la.
Those who are of the earth are like the man who was from the earth: and those who are of heaven are like the one from heaven.
οιος ο χοικος τοιουτοι και οι χοικοι και οιος ο επουρασιος τοιουτοι και οι επουρασιοι
- 49 Menm jan nou te sanble ak moun ki te fèt ak tè a, konsa tou nou gen pou n' sanble ak moun ki soti nan syèl la.
And in the same way as we have taken on us the image of the man from the earth, so we will take on us the image of the one from heaven.
και καθως εφορεσαμεν την εικονα του χοικου φορεσαμεν και την εικονα του επουρασιου

- 50 Men sa mwen vle di, frè m' yo: Tou sa ki fèt ak vyann epi ak san pa gen plas pou yo nan Peyi kote Bondye wa a. Sa ki fèt pou pouri a pa ka resevwa pouvwa pou l' pa janm pouri.
Now I say this, my brothers, that it is not possible for flesh and blood to have a part in the kingdom of God; and death may not have a part in life.
το αυτο δε φημι αδελφοι οτι σαρξ και αιμα βασιλειαν θεου κληρονομησαι ου δυνανται ουδε η φθορα την αφθαρσιαν κληρονομει
- 51 ¶ M'ap devwale nou yon sekrè: Se pa nou tout k'ap gen tan mouri. Men, nou tout nou gen pou n' chanje fòm nan yon ti kadè,
See, I am giving you the revelation of a secret: we will not all come to the sleep of death, but we will all be changed.
ιδου μυστηριον υμιν λεγω παντες μεν ου κοιμηθησομεθα παντες δε αλλαγησομεθα
- 52 anvan nou bat je nou, lè dènve kout klewon an va kònen. Paske, lè klewon an va kònen, moun ki te mouri deja yo va leve soti vivan pou yo pa janm mouri ankò. Apre sa, nou tout nou va chanje fòm.
In a second, in the shutting of an eye, at the sound of the last horn: for at that sound the dead will come again, free for ever from the power of death, and we will be changed.
εν ατομω εν ριπη οφθαλμου εν τη εσχατη σαλπγγι σαλπισει γαρ και οι νεκροι εγερθησονται αφθαρτοι και ημεις αλλαγησομεθα
- 53 Paske, moun ki gen kò ki fèt pou pouri a, yo gen pou yo resevwa yon lòt kò ki p'ap ka pouri. Moun ki gen kò k'ap mouri a, yo gen pou yo resevwa yon lòt kò ki p'ap janm mouri.
For this body which comes to destruction will be made free from the power of death, and the man who is under the power of death will put on eternal life.
δει γαρ το φθαρτον τουτο ενδυσασθαι αφθαρσιαν και το θνητον τουτο ενδυσασθαι αθανασιαν
- 54 Lè moun ki gen kò ki fèt pou pouri a va resevwa kò ki p'ap ka pouri ankò a, lè moun ki gen kò k'ap mouri a va resevwa kò ki pa ka mouri a, lè sa a, pawòl ki ekri nan Liv la va rive vre: Pa gen lanmò ankò, nou genyen batay la nèt.
But when this has taken place, then that which was said in the Writings will come true, Death is overcome by life.
οταν δε το φθαρτον τουτο ενδυσηται αφθαρσιαν και το θνητον τουτο ενδυσηται αθανασιαν τοτε γενησεται ο λογος ο γεγραμμενος κατεποθη ο θανατος εις νικος
- 55 Lanmò! Kote batay ou genyen an? Lanmò! Kote pouvwa ou te gen pou fè nou lapenn lan?
O death, where is your power? O death, where are your pains?
που σου θανατε το κεντρον που σου αδη το νικος
- 56 Se peche ki bay lanmò pouvwa pou fè nou lapenn. Se lalwa a ki bay peche a tout fòs li.
The pain of death is sin; and the power of sin is the law:
το δε κεντρον του θανατου η αμαρτια η δε δυναμις της αμαρτιας ο νομος
- 57 Men, ann di Bondye mèsi, li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò gremesi Jezikri, Seyè nou an!
But praise be to God who gives us strength to overcome through our Lord Jesus Christ.
τω δε θεω χαρις τω διδοντι ημιν το νικος δια του κυριου ημων ιησου χριστου
- 58 ¶ Konsa, frè m' yo, kenbe fèm, pa brannen. Se pou n' toujou pi cho nan travay Seyè a, paske nou konnen travay n'ap fè pandan n'ap viv ansanm ak Seyè a p'ap janm pèdi.
For this cause, my dear brothers, be strong in purpose and unmoved, ever giving yourselves to the work of the Lord, because you are certain that your work is not without effect in the Lord.
ωστε αδελφοι μου αγαπητοι εδραιοι γινεσθε αμετακινητοι περισσευοντες εν τω εργω του κυριου παντοτε ειδοτες οτι ο κοπος υμων ουκ εστιν κενος εν κυριω
- 1 ¶ Kanta lajan nou t'ap ranmase pou ede pèp Bondye ki lavil Jerizalèm lan, se pou nou fè tankou mwen te di legliz nan peyi Galasi yo fè.
Now about the giving of money for the saints, as I gave orders to the churches of Galatia, so do you.
περι δε της λογιας της εις τους αγιους ωσπερ διεταξα ταις εκκλησιαις της γαλατιας ουτως και υμεις ποιησατε
- 2 Chak premye jou nan senmenn lan, se pou chak moun mete yon ti lajan apa dapre sa yo te fè. Y'a sere l' lakay yo. Konsa, nou p'ap bezwen tann se lè m' rive lakay nou pou n'ap chache lajan an.
On the first day of the week, let every one of you put by him in store, in measure as he has done well in business, so that it may not be necessary to get money together when I come.
κατα μιαν σαββατων εκαστος υμων παρ εαυτω τιθετω θησαυριζων ο τι αν ευοδοται ινα μη οταν ελθω τοτε λογια γινωνται
- 3 Lè m' ava rive, n'a chwazi kèk moun pou m' voye pote kado nou fè a ale lavil Jerizalèm ak yon lèt rekòmansyon.
And when I come, I will send the men of your selection with letters to take the money you have got together to Jerusalem.
οταν δε παραγενωμαι ους εαν δοκιμασητε δι επιστολων τουτους πεμψω απενεγκειν την χαριν υμων εις ιερουσαλημ
- 4 Si sa merite pou m' ale tou, y'a fè vwayaj la ansanm avè mwen.
And if it is possible for me to go there, they will go with me.
εαν δε η αξιον του καμε πορευεσθαι συν εμοι πορευονται
- 5 ¶ M'a vin lakay nou lè m'a fin pase nan peyi Masedwan. Paske, fòk mwen pase la anvan.
But I will come to you after I have gone through Macedonia, for that is my purpose;
ελευσομαι δε προς υμας οταν μακεδονιαν διελθω μακεδονιαν γαρ διερχομαι

- 6 Mwen ka rete pase kèk jou lakay nou. Mwen ka menm pase tout sezon fredri a avè nou. Apre sa, n'a ka ede m' ale kote m'a gen pou mwen ale a.
But I may be with you for a time, or even for the winter, so that you may see me on my way, wherever I go.
 προς υμας δε τυχον παραμενω η και παραχειμασω ινα υμεις με προπεμψητε ου εαν πορευωμαι
- 7 Fwa sa a, mwen pa vle wè nou anpasan konsa. Mwen ta renmen rete pase kèk tan ak nou, si Bondye vle.
For it is not my desire to see you now, on my way; because it is my hope to be with you for some time, if that is the Lord's pleasure.
 ου θελω γαρ υμας αρτι εν παροδω ιδειν ελπίζω δε χρονον τινα επιμειναι προς υμας εαν ο κυριος επιτρεπη
- 8 Men, mwen fè lide rete isit nan lavil Efèz jouk pou fèt Lapannkòt.
But I will be at Ephesus till Pentecost;
 επιμενω δε εν εφεσω εως της πεντηκοστης
- 9 Paske nan lavil sa a, mwen jwenn yon bon okazyon pou m' fè travay mwen, atout gen anpil moun ki pa vle wè mwen.
For a great and important door there is open to me, and there are a number of people against me.
 θυρα γαρ μοι ανεωγεν μεγαλη και ενεργης και αντικειμενοι πολλοι
- 10 ¶ Si Timote rive bò kote nou ye a, n'a fè yon jan pou l' santi l' lakay li nan mitan nou, paske se menm jan avè mwen li travay pou Seyè a.
Because God, then, will give us such rewards, dear brothers, let us make ourselves clean from all evil of flesh and spirit, and become completely holy in the fear of God.
 ταυτας ουν εχοντες τας επαγγελιας αγαπητοι καθαρισωμεν εαντους απο παντος μολυσμου σαρκος και πνευματος επιτελουντες αγιωσυνην εν φοβω θεου
- 2 Tanpri, ban m' yon ti plas nan kè nou! (Konprann mwen byen). Mwen pa fè pesonn okenn mal, pesonn pa ka di mwen lakòz yo pèdi pozisyon yo. Pesonn pa ka di mwen pwofite sou yo.
Let your hearts be open to us: we have done no man wrong, no man has been damaged by us, we have made no profit out of any man,
 χωρησατε ημας ουδενα ηδικησαμεν ουδενα εφθειραμεν ουδενα επλεονεκτησαμεν
- 3 Mwen pa di nou sa pou kondannen nou. Mwen deja di nou sa: sitèlman mwen renmen nou, mwen pote nou sou kè mwen pou lavi ak pou lanmò.
It is not with the purpose of judging you that I say this: for I have said before that you are in our hearts for life and death together.
 ου προς κατακρισιν λεγω προειρηκα γαρ οτι εν ταις καρδιαις ημων εστε εις το συναποθανειν και συζην
- 4 Mwen gen anpil konfyans nan nou, mwen kontan nou anpil. Nan mitan tout soufrans mwen yo, mwen toujou gen anpil kouraj, kè m' kontan nèt.
My words to you are without fear, I am full of pride on account of you: I have great comfort and joy in all our troubles.
 πολλη μοι παρηρησια προς υμας πολλη μοι καυχησις υπερ υμων πεπληρωμαι τη παρακλησει υπερπερισσευομαι τη χαρα επι παση τη θλιψει ημων
- 5 ¶ Se konsa, depi mwen te rive nan peyi Masedwan, kè m' pa t' poze menm: mwen jwenn traka tout jan. Yon bò mwen te nan gwo diskisyon ak kèk moun, yon lòt bò mwen te pè nan kè mwen.
For even when we had come into Macedonia our flesh had no rest, but we were troubled on every side; there were fightings outside and fears inside.
 και γαρ ελθοντων ημων εις μακεδονιαν ουδεμιαν εσηκεν ανεσιν η σαρχ ημων αλλ εν παντι θλιβομενοι εξωθεν μαχαι εσωθεν φοβοι
- 6 Men, Bondye ki bay moun ki nan lafliksyon yo kouraj te ban m' kouraj lè l' te voye Tit vin jwenn mwen.
But God who gives comfort to the poor in spirit gave us comfort by the coming of Titus;
 αλλ ο παρακαλων τους ταπεινους παρεκαλεσεν ημας ο θεος εν τη παρουσια τιτου
- 7 Se pa rive Tit la ase ki te ankouraje mwen. Sa te remoute kouraj mwen anpil tou lè li rakonte m' jan nou menm nou te ba li ankourajman. Li fè m' konnen jan nou anvè wè m', jan sa fè nou lapenn pou mwen, jan nou pare pou nou pran defans mwen. Se sak fè, koulye a mwen pi kontan toujou.
And not by his coming only, but by the comfort which he had in you, while he gave us word of your desire, your sorrow, your care for me; so that I was still more glad.
 ου μονον δε εν τη παρουσια αυτου αλλα και εν τη παρακλησει η παρεκληθη εφ υμιν αναγγελων ημιν την υμων επιποθησιν τον υμων οδυρμον τον υμων ζηλον υπερ εμου ωστε με μαλλον χαρηνα
- 8 Menm si lèt mwen te ekri nou an te fè nou lapenn, mwen pa règrèt sa. Mwen te regrèt mwen te ekri l' lè m' te wè jan l' te fè nou lapenn lè sa a.
For though my letter gave you pain, I have no regret for it now, though I had before; for I see that the letter gave you pain, but only for a time.
 οτι ει και ελυπησα υμας εν τη επιστολη ου μεταμελομαι ει και μετεμελομην βλεπω γαρ οτι η επιστολη εκεινη ει και προς ωραν ελυπησεν υμας

- 9 Men koulye a, kè m' kontan, pa paske mwen te fè nou lapenn, men paske lapenn nou te genyen an te fè nou chanje kondit. Nou te sipòte lapenn sa a jan Bondye vle l' la. Se konsa mwen pa fè nou okenn mal.
Now I am glad, not that you had sorrow, but that your sorrow was the cause of a change of heart; for yours was a holy sorrow so that you might undergo no loss by us in anything.
νυν χαιρω ουχ οτι ελυπηθητε αλλ οτι ελυπηθητε εις μετανοιαν ελυπηθητε γαρ κατα θεον ινα εν μηδενι ζημιωθητε εξ ημων
- 10 Paske, lè you moun sipòte lapenn li jan Bondye vle l' la, sa chanje kè li pou l' ka rive sove. Pa gen anyen la a pou n' règrèt. Men, lapenn nou sipòte jan tout moun fè l' la, se touye l'ap touye nou.
For the sorrow which God gives is the cause of salvation through a change of heart, in which there is no reason for grief: but the sorrow of the world is a cause of death.
η γαρ κατα θεον λυπη μετανοιαν εις σωτηριαν αμεταμελητον κατεργαζεται η δε του κοσμου λυπη θανατον κατεργαζεται
- 11 Nou menm, nou sipòte lapenn nou an jan Bondye vle l' la. Koulye a, gade sa l' fè pou nou! Gade ki jan li fè nou pran sitiyasyon an pou bagay serye! Gade ak ki lanpresman nou sofi pou defann tèt nou? Gade jan n' te fache! Gade jan n' te pè! Gade jan nou anvi wè m' ankò! Gade jan nou aktif, jan nou prese peni moun ki te fè sa ki mal la! Nou moutre nou pa t' koupab nan tout bagay sa yo.
For you see what care was produced in you by this very sorrow of yours before God, what clearing of yourselves, what wrath against sin, what fear, what desire, what serious purpose, what punishment. In everything you have made it clear that you are free from sin in this business.
ιδου γαρ αυτο τουτο το κατα θεον λυπηθηναι υμας ποσην κατειργασατο υμιν σπουδην αλλα απολογιαν αλλα αγανακτησιν αλλα φοβον αλλα επιποθησιν αλλα ζηλον αλλ εκδικησιν εν παντι συνεστησατο ε εαυτους αγνους εινα εν τω πραγματι
- 12 ¶ Se pa pou moun ki te fè sa ki mal la, ni pou moun yo te fè mal la mwen te ekri nou. Mwen ekri nou pou n' te ka wè jan nou devwe pou mwen devan Bondye. Se poutèt sa, sa te ban m' anpil ankourajman.
So though I sent you a letter, it was not only because of the man who did the wrong, or because of him to whom the wrong was done, but so that your true care for us might be made clear in the eyes of God.
αρα ει και εγραψα υμιν ουχ εινεκεν του αδικησαντος ουδε εινεκεν του αδικηθεντος αλλ εινεκεν του φανερωθηναι την σπουδην υμων την υπερ ημων προς υμας ενωπιον του θεου
- 13 Se pa ankouraje sèlman mwen te ankouraje. Mwen te pi kontan ankò lè m' wè kouman Tit te kontan pou jan nou te ba li ankourajman.
So we have been comforted: and we had the greater joy in our comfort because of the joy of Titus, for his spirit had been made glad by you all.
δια τουτο παρακεκλημεθα επι τη παρακλησει υμων περισσοτερος δε μαλλον χαρημεν επι τη χαρα τιτου οτι αναπεπαιται το πνευμα αυτου απο παντων υμων
- 14 Mwen te pale byen pou nou anpil ak Tit, epì nou pa fè m' wont. Mwen pa janm ban nou manti lè m'ap pale ak nou. Se konsa, sa m' te di Tit sou nou an se te verite a tout bon.
For I was not put to shame in anything in which I may have made clear to him my pride in you; but as we said nothing to you but what was true, so the good things which I said to Titus about you were seen by him to be true.
οτι ει τι αυτω υπερ υμων κεκαυχημαι ου κατησχυνθην αλλ ως παντα εν αληθεια ελαλησαμεν υμιν ουτως και η καυχησις ημων η επι τιτου αληθεια εγενηθη
- 15 Koulye a, li vin renmen nou plis toujou lè l' chonje jan nou tout nou te dispoze obeyi, jan nou te resevwa l' avèk krentif sitèlman nou t'ap tranble.
And his love to you is the more increased by his memory of you all, how you gave way to his authority, and how you took him to your hearts with fear and honour.
και τα σπλαγχνα αυτου περισσοτερος εις υμας εστιν αναμνησκομενου την παντων υμων υπακοην ως μετα φοβου και τρομου εδεξασθε αυτον
- 16 Mwen kontan nèt mwen ka toujou konte sou nou.
It gives me great joy to see you answering to my good opinion of you in every way.
χαιρω οτι εν παντι θαρρω εν υμιν
- 1 ¶ Frè m' yo, mwen ta renmen nou konnen ki jan Bondye te fè wè favè l' nan legliz ki nan peyi Masedwan yo.
And now we give you news, brothers, about the grace of God which has been given to the churches of Macedonia;
γνωριζομεν δε υμιν αδελφοι την χαριν του θεου την δεδομενην εν ταις εκκλησιαις της μακεδονιας
- 2 Patizan Kris yo te pase anba anpil epèrè avèk tout soufrans ki te tonbe sou yo. Men, yo te sitèlman kontan, yo te moutre jan yo ka bay ak tout kè yo, malgre yo te nan nesese.
How while they were undergoing every sort of trouble, and were in the greatest need, they took all the greater joy in being able to give freely to the needs of others.
οτι εν πολλη δοκιμη θλιψεως η περισσεια της χαρας αυτων και η κατα βαθους πτωχεια αυτων επερισσευσεν εις τον πλουτον της απλοτητος αυτων
- 3 Sa m'ap di nou la a, se vre wi: yo bay sa yo te kapab, yo menm bay pase sa yo te kapab. San moun pa fòse yo,
For I give them witness, that as they were able, and even more than they were able, they gave from the impulse of their hearts,
οτι κατα δυναμιν μαρτυρω και υπερ δυναμιν αυθαιρετοι
- 4 se yo menm menm ki mande, se yo menm menm ki plede ak nou pou nou ba yo privilèj patisipe nan sekou n'ap voye pou manm pèp Bondye nan peyi Jide a.
Seriously requesting us that they might have a part in this grace of being servants to the needs of the saints:
μετα πολλης παρακλησεως δεομενοι ημων την χαριν και την κοινωνιαν της διακονιας της εις τους αγιους δεξασθαι ημας

- 5 Sa depase sa nou te kwè a anpil: yo ofri tèt yo bay Seyè a anvan. Apre sa, yo ofri tèt yo ban nou jan Bondye vle l' la.
And going even farther than our hope, they first gave themselves to the Lord and to us after the purpose of God.
 και ου καθως ηλπισαμεν αλλ εαυτους εδωκαν πρωτον τω κυριω και ημιν δια θεληματος θεου
- 6 Se konsa, mwen mande Tit pou li al lakay nou pou l' ka kontinye travay li te kòmanse a, pou nou ka bay sa nou gen pou n' bay la ak tout kè nou.
So that we made a request to Titus that, as he had made a start before, so he might make this grace complete in you.
 εις το παρακαλεσαι ημας τιτον ινα καθως προενηρξατο ουτως και επιτελεση εις υμας και την χαριν ταυτην
- 7 ¶ Wi, nou rich sou tout pwèn, kit se nan lafwa, kit se nan konn pale byen, kit se nan kònesans verite a, kit se nan aktivite nou pou Bondye, kit se nan renmen nou gen pou mwen. Se poutèt sa mwen ta renmen wè nou bay ak tout kè nou pou zè sa a tankou moun ki rich.
And that as you are full of every good thing, of faith, of the word, of knowledge, of a ready mind, and of love to us, so you may be full of this grace in the same way.
 αλλ ωσπερ εν παντι περισσευετε πιστει και λογω και γνωσει και παση σπουδη και τη εξ υμων εν ημιν αγαπη ινα και εν ταυτη τη χαριτι περισσευητε
- 8 Se pa yon lòd m'ap ban nou: Men, mwen pran egzanp sou lòt yo pou nou menm tou nou ka moutre jan nou gen renmen tout bon nan kè nou.
I am not giving you an order, but using the ready mind of others as a test of the quality of your love.
 ου κατ επιταγην λεγω αλλα δια της ετερον σπουδης και το της υμετερας αγαπης γησιον δοκιμαζων
- 9 Nou konnen ki favè Jezikri, Seyè a, fè nou. Li menm ki te rich, li fè tèt li tounen pòn pou nou. Konsa, lè l' fè tèt li tounen pòn la, li fè nou rich.
For you see the grace of our Lord Jesus Christ, how though he had wealth, he became poor on your account, so that through his need you might have wealth.
 γινωσκετε γαρ την χαριν του κυριου ημων ιησου χριστου οτι δι υμας επωχυσεν πλουσιος ων ινα υμεις τη εκεινου πτωχεια πλουτησητε
- 10 Men lide mwen fè sou keksyon sa a. Depi lanne pase anwo, se nou menm an premye ki te fè lide ede frè yo. Se nou menm an premye ki te kòmanse ranmase lajan pou sa.
And in this I give my opinion: for it is to your profit, who were the first to make a start a year before, not only to do this, but to make clear that your minds were more than ready to do it.
 και γνωμη εν τωτω διδωμι τωτω γαρ υμιν συμφερει ουτινες ου μονον το ποιησαι αλλα και το θελειν προενηρξασθε απο περυσι
- 11 Koulye a, se pou n' kontinye fin fè jès la nè. Menm jan nou te mete tout kè nou lè nou t'ap pran desizyon fè l' la, mete tout kè nou pou nou fini ak sa, dapre mwayen nou.
Then make the doing of it complete; so that as you had a ready mind, you may give effect to it as you are able.
 νυνι δε και το ποιησαι επιτελεσατε οπως καθαπερ η προθυμια του θελειν ουτως και το επιτελεσαι εκ του εχειν
- 12 Paske si nou mete tout kè nou pou nou bay, Bondye ap asepte kado nou bay la. L'ap gade sou sa nou genyen, li p'ap gade sou sa nou pa genyen.
For if there is a ready mind, a man will have God's approval in the measure of what he has, and not of what he has not.
 ει γαρ η προθυμια προκειται καθο εαν εχη τις ευπροσδεκτος ου καθο ουκ εχει
- 13 Sa pa vle di se pou nou mete tèt nou nan lamizè lè n'ap soulaje lòt moun. Men, se pou tout moun menm jan.
And I am not saying this so that others may get off free, while the weight comes on you:
 ου γαρ ινα αλλοις ανεσις υμιν δε θλιψις αλλ εξ ισοτητος εν τω νυν καιρω το υμων περισσευμα εις το εκεινων υστερημα
- 14 Si koulye a nou gen anpil, se pou n' ede sa ki nan nesosite yo. Si yon jou pita nou vin nan nesosite, epi yo menm yo gen anpil, lè sa a y'a kapab ede nou tou. Konsa tout moun va menm jan,
But so that things may be equal; that from those things of which you have more than enough at the present time their need may be helped, and that if you are in any need they may be a help to you in the same way, making things equal.
 ινα και το εκεινων περισσευμα γενηται εις το υμων υστερημα οπως γενηται ισοτητος
- 15 dapre sa ki te ekri nan Liv la: Moun ki te ranmase plis yo pa t' gen twòp. Moun ki te ranmase pi piti yo pa t' manke anyen.
As it says in the Writings, He who had taken up much had nothing over and he who had little had enough.
 καθως γεγραπται ο το πολυ ουκ επλεονασεν και ο το ολιγον ουκ ηλαττονησεν
- 16 ¶ Ann di Bondye mèsi, li menm ki fè Tit devwe pou nou, menm jan avè mwen!
But praise be to God, who puts the same care for you into the heart of Titus.
 χαρις δε τω θεω τω διδοντι την αυτην σπουδην υπερ υμων εν τη καρδια τιτου
- 17 Tit te asepte fè sa m' te mande l' fè a. Men, li te sitèlman prese vin ede nou, se li menm menm ki pran desizyon ale lakay nou.
For while he gladly gave ear to our request, he was interested enough to go to you from the impulse of his heart.
 οτι την μεν παρακλησιν εδεξατο σπουδαιοτερος δε υπαρχων αυθαιρετος εξηλθεν προς υμας

- 18 Nou voye yon frè avè li. Tout moun nan legliz yo ap nonmen non frè sa a pou jan l' travay pou anonse bon nouvèl la.
And with him we have sent a brother whose praise in the good news has gone through all the churches;
 συνεπεμψαμεν δε μετ αυτου τον αδελφον ου ο επαινος εν τω ευαγγελιω δια πασων των εκκλησιων
- 19 Apre sa, se legliz yo menm ki te chwazi l' pou vwayaje ansanm ak nou, pou ede ranmase lajan nou t'ap bay la. Lajan sa a gen pou sèvi yon lwanj pou Bondye, anmenmtan l'ap fè wè jan nou vle ede vre.
And not only so, but he was marked out by the churches to go with us in the grace of this giving which we have undertaken to the glory of the Lord and to make clear that our mind was ready:
 ου μονον δε αλλα και χειροτονηεις υπο των εκκλησιων συνεκδημος ημων συν τη χαριτι ταυτη τη διακονουμενη υφ ημων προς την αυτου του κυριου δοξαν και προθυμιαν υμων
- 20 Nou pran tout prekosyon sa yo pou moun pa jwenn repwòch pou yo fè nou pou gwo lajan sa a ki nan men nou an.
And so that no man might be able to say anything against us in the business of this giving which has been put into our hands:
 στελλομενοι τουτο μη τις ημας μωμησηται εν τη αδροτητι ταυτη τη διακονουμενη υφ ημων
- 21 N'ap chache fè tout bagay pwòp, pa sèlman devan Bondye, men devan tout moun tou.
For the business has been so ordered by us as to have the approval, not only of the Lord, but of men.
 προνοουμενοι καλα ου μονον ενωπιον κυριου αλλα και ενωπιον ανθρωπων
- 22 N'ap voye yon lòt nan frè nou yo ak yo tou. Nou te swiv frè sa a anpil, li toujou moutre anpil devouman nan sèvis la. Men, koulye a li gen plis devouman toujou pou jan li fè nou konfyans anpil.
And we have sent with them our brother, whose ready spirit has been made clear to us at times and in ways without number, but it is now all the more so because of the certain faith which he has in you.
 συνεπεμψαμεν δε αυτοις τον αδελφον ημων ον εδοκιμασαμεν εν πολλοις πολλακις σπουδαιον οντα νυνι δε πολυ σπουδαιοτερον πεποιθησει πολλη τη εις υμας
- 23 Konsa, Tit se yon bon zanmi m' k'ap travay ansanm avè m' pou nou. Pou lòt frè ki avè l' yo, se legliz yo ki voye yo. Se yon lwanj pou Kris la.
If any question comes up about Titus, he is my brother-worker, working with me for you; or about the others, they are the representatives of the churches to the glory of Christ.
 ειτε υπερ τιτου κοινωνος εμος και εις υμας συνεργος ειτε αδελφοι ημων αποστολοι εκκλησιων δοξα χριστου
- 24 Fè yo wè jan nou renmen yo, pou legliz yo ka sèten nou renmen yo, pou yo ka konnen mwen gen rezòn pale byen pou nou konsa.
Make clear then to them, as representatives of the churches, the quality of your love, and that the things which we have said about you are true.
 την ουν ενδειξιν της αγαπης υμων και ημων καυχησησως υπερ υμων εις αυτους ενδειξασθε και εις προσωπον των εκκλησιων
- 1 ¶ Mwen pa wè rezòn pou m' voye di nou anyen sou keksyon sekou n'ap voye bay manm pèp Bondye ki nan peyi Jide a.
But there is no need for me to say anything in my letter about the giving to the saints:
 περι μεν γαρ της διακονιας της εις τους αγιους περισσον μοι εστιν το γραφειν υμιν
- 2 Mwen konnen jan nou vle ede, mwen pa t' manke kontan pale byen pou nou ak moun Masedwan yo lè m' te di yo: Depi lanne pase anwo, frè ki nan peyi Lakayi yo pare pou ede. Se konsa lanpresman nou pou bay te eksite anpil ladan yo bay tou.
For I have before made clear to those of Macedonia my pride in your ready mind, saying to them that Achaia has been ready for a year back; and a great number have been moved to do the same by your example.
 οίδα γαρ την προθυμιαν υμων ην υπερ υμων καυχωμαι μακεδονιν οτι αχαια παρεσκευασται απο περυσι και ο εξ υμων ζηλος ηρεθισεν τους πλειονας
- 3 Malgre sa, m'ap voye frè sa yo bò kote nou pou bèl pawòl mwen te di pou nou sou zafè sekou sa a pa pase pou manti. Mwen ta renmen wè nou pare vre, jan mwen te di l' la.
But I have sent the brothers, so that the good things we said about you may be seen to be true, and that, as I said, you may be ready:
 επεμψα δε τους αδελφους ινα μη το καυχημα ημων το υπερ υμων κενωθη εν τω μερει τουτω ινα καθως ελεγον παρεσκευασμενοι ητε
- 4 Ala wont mwen ta wont si, pou lè moun peyi Masedwan yo ta vin ansanm avè m', yo ta jwenn nou pa pare! Jan m' te konte sou nou sa! Mwen pa bezwen pale jan nou menm tou nou ta wont!
For fear that, if any from Macedonia come with me, and you are not ready, we (not to say, you) might be put to shame in this thing.
 μηπως εαν ελθωσιν ουν εμοι μακεδονες και ευρωσιν υμας απαρασκευαστους καταισχυθημεν ημεις ινα μη λεγομεν υμεις εν τη υποστασει ταυτη της καυχησησως
- 5 Se sak fè, mwen kwè se te nesèsè pou m' te mande frè sa yo pou y' al lakay nou anvan mwen, pou nou ka pare kado nou te pwòmèt nou t'ap bay la. Konsa, lè m'a rive mwen menm, kado a va tou pare. Lè sa a, moun yo va wè nou bay paske nou vle, pa paske yo fòse nou.
So it seemed to me wise for the brothers to go before, and see that the amount which you had undertaken to give was ready, so that it might be a cause for praise, and not as if we were making profit out of you.
 αναγκαιον ουν ηγησαμην παρακαλεσαι τους αδελφους ινα προελθωσιν εις υμας και προκαταρτισωσιν την προκατηγγελμενην ευλογιαν υμων ταυτην ετοιμη ιναι ουτως ως ευλογιαν και μη ωςπερ πλεονεξιαν

- 6 ¶ Chonje sa byen: Moun ki simen ti kras va rekòlte ti kras. Moun ki simen anpil va rekòlte anpil.
But in the Writings it says, He who puts in only a small number of seeds, will get in the same; and he who puts them in from a full hand, will have produce in full measure from them.
 τουτο δε ο σπειρων φειδομενος φειδομενος και θερισει και ο σπειρων επ ευλογιας επ ευλογιας και θερισει
- 7 Se pou chak moun bay jan yo te deside nan kè yo, san yo pa règrèt anyen, san moun pa bezwen fòse yo, paske Bondye renmen moun ki bay ak kè kontan.
Let every man do after the purpose of his heart; not giving with grief, or by force: for God takes pleasure in a ready giver.
 εκαστος καθως προαιρεται τη καρδια μη εκ λυπης η εξ αναγκης ιλαρον γαρ δοτην αγαπα ο θεος
- 8 Bondye menm gen pouwva pou l' ban nou tout kalite benediksyon an kantite. Li fè sa, pa sèlman pou nou ka toujou genyen tou sa nou bezwen, men pou nou ka gen rèz ki rete pou n' fè tout kalite bon zèv.
And God is able to give you all grace in full measure; so that ever having enough of all things, you may be full of every good work:
 δυνατος δε ο θεος πασαν χαριν περισσευσαι εις υμας ινα εν παντι παντοτε πασαν αυταρκειαν εχοντες περισσευητε εις παν εργον αγαθον
- 9 Se sa menm ki ekri nan Liv la: Li bay moun ki nan nesite yo san gad dèyè. L'ap toujou gen kè nan men.
As it is said in the Writings, He has sent out far and wide, he has given to the poor; his righteousness is for ever.
 καθως γεγραπται εκκορπισεν εδωκεν τοις πηνησιν η δικαιοσυνη αυτου μενει εις τον αιωνα
- 10 Bondye ki bay moun k'ap simen an grenn pou l' simen ak pen pou l' manje, l'a ban nou tou sa nou bezwen pou simen. L'a fè l' pouse pou nou, pou nou ka fè yon bèl rekòt lè nou bay an kantite konsa.
And he who gives seed for putting into the field and bread for food, will take care of the growth of your seed, at the same time increasing the fruits of your righteousness;
 ο δε επιχορηγων σπερμα τω σπειροντι και αρτον εις βρωσιν χορηγησαι και πληθυναι τον σπορον υμων και αυξησαι τα γεννηματα της δικαιοσυνης υμων
- 11 Bondye ap toujou fè nou rich ase pou nou ka toujou bay ak tout kè nou. Konsa, anpil moun va di Bondye mèsi pou kado n'a ban mwen pou yo.
Your wealth being increased in everything, with a simple mind, causing praise to God through us.
 εν παντι πλουτιζομενοι εις πασαν απλοτητα ητις καταργαζεται δι ημων ευχαριστιαν τω θεω
- 12 Se pou nou konn sa byen: sèvis n'ap rann lè nou bay lajan sa a, se pa sèlman pou bay moun pèp Bondye sa yo bezwen. Men, akòz sèvis sa a, anpil moun pral lapriyè Bondye pou di l' mèsi.
For this work of giving not only takes care of the needs of the saints, but is the cause of much praise to God;
 οτι η διακονια της λειτουργιας ταυτης ου μονον εστιν προσαναπληρουσα τα υστερηματα των αγιων αλλα και περισσευουσα δια πολλων ευχαριστιων τω θεω
- 13 Sèvis sa a ap fè yo wè ki kalite moun nou ye. Yo pral fè lwanj Bondye, paske sekou sa a pral fè yo wè jan nou soumèt, jan nou kwè nan bon nouvèl ki pale sou Kris la. Y'a fè lwanj Bondye tou pou jan nou separe byen nou yo ak yo ansanm ak tout lòt yo.
For when, through this work of giving, they see what you are, they give glory to God for the way in which you have given yourselves to the good news of Christ, and for the wealth of your giving to them and to all;
 δια της δοκιμης της διακονιας ταυτης δοξαζοντες τον θεον επι τη υποταγη της ομολογιας υμων εις το ευαγγελιον του χριστου και απλοτητι της κοινωνιας εις αυτους και εις παντας
- 14 Y'a lapriyè pou nou, y'a renmen nou anpil akòz gwo favè sa a Bondye fè pou nou.
While their hearts go out to you in love and in prayer for you, because of the great grace of God which is in you.
 και αυτων δεησει υπερ υμων επιποθουντων υμας δια την υπερβαλλουσαν χαριν του θεου εφ υμιν
- 15 Ann di Bondye mèsi pou gwo kado sa a li ban nou, yon kado ki pa gen parèy li!
Praise be to God for what he has given, which words have no power to say.
 χαρις δε τω θεω επι τη ανεκδιγητω αυτου δωρεα
- 1 ¶ Men sa mwen menm Pòl, m'ap mande nou ak dousè ansanm ak bon kè ki soti nan Kris la. Gen moun ki pretann mwen fèmen lè m' nan mitan nou, men lè m' lwen nou mwen sevè.
Now I, Paul, myself make request to you by the quiet and gentle behaviour of Christ, I who am poor in spirit when with you, but who say what is in my mind to you without fear when I am away from you:
 αυτος δε εγω παυλος παρακαλω υμας δια της πραοτητος και επιεικειας του χριστου ος κατα προσωπον μεν ταπεινος εν υμιν απων δε θαρρω εις υμας
- 2 Tanpri, pa fòse m' moutre nou jan mwen ka sevè lè m'a rive lakay nou. Paske mwen sèten m'a ka moutre m' sevè annegad moun ki konprann m'ap ajì dapre bon konprann lèzòm.
Yes, I make my request to you, so that when I am with you I may not have to make use of the authority which may be needed against some to whom we seem to be walking after the flesh.
 δεομαι δε το μη παρων θαρρησαι τη πεποιθησει η λογιζομαι τολμησαι επι τινας τους λογιζομενους ημας ως κατα σαρκα περιπατοντας
- 3 M'ap viv koulye a nan yon kò tankou tout moun, se vre. Men, mwen p'ap goumen menm jan ak tout moun.
For though we may be living in the flesh, we are not fighting after the way of the flesh
 εν σαρκι γαρ περιπατοντες ου κατα σαρκα στρατευομεθα

- 4 Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemond yo. Zam mwen se zann ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò. M'ap kraze tout pawòl esplikasyon ki pa bon,
(For the arms with which we are fighting are not those of the flesh, but are strong before God for the destruction of high places);
τα γαρ όπλα της στρατειας ημων ου σαρκικα αλλα δυνατα τω θεω προς καθαρισιν οχυρωματων
- 5 m'ap kraze tou sa lèzòm nan lògèy yo ap fè pou anpeche moun konnen Bondye. M'ap mare tout vye lide ki nan tèt lèzòm yo, m'ap fè yo vin obeyi Kris la.
Putting an end to reasonings, and every high thing which is lifted up against the knowledge of God, and causing every thought to come under the authority of Christ;
λογισμους καθαιρουντες και παν υψωμα επαιρομενον κατα της γνωσεως του θεου και αιχμαλωτιζοντες παν νοημα εις την υπακοην του χριστου
- 6 Mwen pare pou m' pini tout moun ki va dezobeyi. Men, anvan sa, se pou nou moutre m' jan nou soti pou nou soumèt nou nèt.
Being ready to give punishment to whatever is against his authority, after you have made it clear that you are completely under his control.
και εν ετοιμοω εχοντες εκδικησαι πασαν παρακοην οταν πληρωθη υμων η υπακοη
- 7 ¶ Nou menm, moun Korent, n'ap gade sou laparans. Enben, si yon moun mete nan tèt li se moun Kris la li ye, se pou l' mete sa nan tèt li tou, mwen menm tou mwen se moun Kris la mwen ye menm jan avè li.
Give attention to the things which are before you. If any man seems to himself to be Christ's, let him keep in mind that we are as much Christ's as he is.
τα κατα προσωπον βλεπετε ει τις πεποιθεν εαυτω χριστου ειναι τουτο λογιζεσθω παλιν αφ εαυτου οτι καθως αυτος χριστου ουτως και ημεις χριστου
- 8 Enpi, menm si m' te fè grandizè you ti jan twòp pou otorite Seyè a ban mwen an, mwen pa wont pou sa. Paske, otorite sa li ban mwen an, se pou m' fè nou grandi nan konfyans nan li, se pa pou m' kraze nou.
For though I might take pride in our authority (which the Lord gave for building you up, and not for your destruction), it will not be a cause of shame to me:
εαν τε γαρ και περισσοτερον τι καυχησωμαι περι της εξουσιας ημων ης εδωκεν ο κυριος ημιν εις οικοδομην και ουκ εις καθαρισιν υμων ουκ αισχυνθησονται
- 9 Mwen pa ta vle nou konprann m'ap chache kraponnen nou lè m'ap ekri nou konsa.
That I may not seem to have the desire of causing you fear by my letters.
ινα μη δοξω ως αν εκφοβειν υμας δια των επιστολων
- 10 Gen moun ki di: Lè Pòl ap ekri nou, li rèd konsa, li sevè. Men, lè li la nan mitan nou li tou dou. Ata pale li pa ka pale.
For his letters, they say, have weight and are strong; but in body he is feeble, and his way of talking has little force.
οτι αι μεν επιστολαι φησιν βαρειαι και ισχυραι η δε παρουσία του σωματος ασθενης και ο λογος εξουθενημενος
- 11 Enben, moun ki di sa a, li mèt mete sa nan tèt li: Pa gen diferans ant sa m'ap ekri nan lèt mwen voye ban nou lè mwen pa la ak sa mwen pral fè lè m'a la nan mitan nou.
Let those who say this keep in mind that, what we are in word by letters when we are away, so will we be in act when we are present.
τουτο λογιζεσθω ο τοιουτος οτι οιοι εσμεν τω λογω δι επιστολων αποντες τοιουτοι και παροντες τω εργω
- 12 ¶ Konprann sa byen: mwen pa ka pèmèt mwen pou m' mete m' sou menm wotè ak moun ki kwè yo plis pase sa yo ye, ni mwen p'ap konpare tèt mwen ak yo non plis. Se yon bann san konprann!
Y'ap mezire tèt yo ak mezi yo menm yo fè. Y'ap konpare tèt yo ak pwòp tèt pa yo ankò.
For we will not make comparison of ourselves with some of those who say good things about themselves: but these, measuring themselves by themselves, and making comparison of themselves with themselves, are not wise.
ου γαρ τολμωμεν εγκριναι η συγκριναι εαυτους τισιν των εαυτους συνιστανοντων αλλα αυτοι εν εαυτοις εαυτους μετρουντες και συγκρινοντες εαυτους εαυτοις ου συνιουσιν
- 13 Men, pou mwen menm, mwen p'ap vantè tèt mwen depase limit. M'ap rete nan limit travay Bondye ban mwen an. Nou menm, moun Korent, nou nan limit travay mwen.
We will not give glory to ourselves in over-great measure, but after the measure of the rule which God has given us, a measure which comes even to you.
ημεις δε ουχι εις τα αμετρα καυχησομεθα αλλα κατα το μετρον του κανονος ου εμερισεν ημιν ο θεος μετρον εφικεσθαι αχρι και υμων
- 14 Se sak fè, mwen pa t' depase limit mwen lè m' te rive lakay nou ak bon nouvèl ki pale sou Kris la.
For we have no need to make ourselves seem more than we are, as if our authority did not come as far as to you: for we came even as far as you with the good news of Christ:
ου γαρ ως μη εφικνουμενοι εις υμας υπερεκτεινομεν εαυτους αχρι γαρ και υμων εφθασαμεν εν τω ευαγγελιω του χριστου
- 15 Konsa, nou wè, mwen pa depase limit Bondye ban mwen. Mwen p'ap fè grandizè pou travay lòt moun te deja fè. Okontrè, mwen gen espwa n'a grandi nan konfyans, pou m' ka fè yon pi gwo travay ankò nan mitan nou, toujou nan limit Bondye ban mwen an.
Not taking credit to ourselves for what is not our business, that is, for the work of others; but having hope that, with the growth of your faith, we may get the credit for an increase which is the effect of our work,
ουκ εις τα αμετρα καυχωμενοι εν αλλοτριους κοποις ελπιδα δε εχοντες αυξανομενης της πιστεως υμων εν υμιν μεγαλυνθηναι κατα τον κανονα ημων εις περισσειαν

- 16 Apre sa, m'a kapab al anonse bon nouvèl la nan peyi ki pi lwen pase lakay nou, san m' p'ap bezwen fè grandizè pou travay lòt moun deja fè nan limit pa yo.
So that we may be able to go on and take the good news to countries still farther away than you are, and not take credit for another man's work in making things ready to our hand.
εις τα υπερεκεινα υμων ευαγγελισασθαι ουκ εν αλλοτριω κανονι εις τα ετοιμα καυχασθαι
- 17 Paske, jan sa ekri nan Liv la: Si yon moun vle fè lwanj tèt li, se pou l' fè lwanj tèt li nan sa Bondye fè pou li.
But whoever has a desire for glory, let his glory be in the Lord.
ο δε καυχωμενος εν κυριω καυχασθω
- 18 Se konsa wi: Se pa moun k'ap fè lwanj tèt yo ki bon pou travay la, men se moun Seyè a rekòmande ki bon pou travay la.
For the Lord's approval of a man is not dependent on his opinion of himself, but on the Lord's opinion of him.
ου γαρ ο εαυτον συνιστων εκεινος εστιν δοκιμος αλλ ον ο κυριος συνιστησιν
- 1 ¶ Mwen ta renmen nou pèmèt mwen pran pòz moun fou m' pou yon ti moman. Enben, wi, pèmèt mwen fè sa.
Put up with me if I am a little foolish: but, truly, you do put up with me.
οφελον ανειχεσθε μου μικρον τη αφροσυνη αλλα και ανεχεσθε μου
- 2 M'ap fè jalouzi pou nou, yon jalouzi ki soti nan Bondye. Paske, nou tankou yon jenn fi ki pa nan dezòd. Mwen fifyanse nou ak yon sèl gason. Gason sa a se Kris la.
For I have a very great care for you: because you have been married by me to one husband, and it is my desire to give you completely holy to Christ.
ζηλω γαρ υμας θεου ζηλω ηρμοσαμην γαρ υμας ενι ανδρι παρθενον αγνην παραστησαι τω χριστω
- 3 Men, mwen pè pou lespri nou pa pèvèti, pou nou pa manke Kris la pawòl, pou nou pa tonbe nan dezòd tankou Ev ki te kite sèpan an vire lòlòj li ak riz li yo.
But I have a fear, that in some way, as Eve was tricked by the deceit of the snake, your minds may be turned away from their simple and holy love for Christ.
φοβουμαι δε μηπως ως ο οφεις ευαν εξηπατησεν εν τη πανουργια αυτου ουτως φθαρη τα νοηματα υμων απο της απλοτητος της εις τον χριστον
- 4 Mwen di sa paske mwen wè nou kite nenpòt ki moun vin fè nou konnen yon Jezi ki pa menm ak Jezi mwen te fè nou konnen an, epi nou pa di anyen. Mwen wè nou pare pou n' asepte yon lespri ak yon mesaj ki pa menm ni ak Lespri Bondye a, ni ak bon nouvèl mwen te ban nou an.
For if anyone comes preaching another Jesus from the one whose preachers we are, or if you have got a different spirit, or a different sort of good news from those which came to you, how well you put up with these things.
ει μεν γαρ ο ερχομενος αλλω ιησουν κηρυσσαι ον ουκ εκηρυξαμεν η πνευμα ετερον λαμβανετε ο ουκ ελαβετε η ευαγγελιον ετερον ο ουκ εδεξασθε καλωσ ηνειχεσθε
- 5 ¶ Pou mwen, mwen pa wè sa apòt ki kwè yo plis pase tout moun yo gen pase mwen.
For in my opinion, I am in no way less than the most important of the Apostles.
λογιζομαι γαρ μηδεν υστερηκεναι των υπερ λιαν αποστολων
- 6 Mwen ka pa konn pale byen, men pou konesans la, se pa menm bagay. Nan tout okazyon ak nan tout bagay mwen te toujou fè nou wè sa.
But though I am rough in my way of talking, I am not so in knowledge, as we have made clear to all by our acts among you.
ει δε και ιδιωτης τω λογω αλλ ου τη γνωσει αλλ εν παντι φανερωθεντες εν πασιν εις υμας
- 7 Lè m' te anonse nou bon nouvèl Bondye a, mwen te fè sa gratis pou nou, mwen te desann tèt mwen pou m' te ka fè nou kanpe. Eske mwen te gen tò lè m' te fè sa?
Or did I do wrong in making myself low so that you might be lifted up, because I gave you the good news of God without reward?
η αμαρτιαν ποιησα εμαυτον ταπεινω ινα υμεις υψωθητε οτι δωρεαν το του θεου ευαγγελιον ευηγγελισαμην υμιν
- 8 Lè sa a, mwen te asepte lajan nan men lòt legliz yo. Se tankou si m' te pran nan sa ki pou yo pou m' te kapab ede nou.
I took money from other churches as payment for my work, so that I might be your servant;
αλλας εκκλησιας εσυλησα λαβων οψωνιον προς την υμων διακονιαν
- 9 Pandan tout tan mwen te pase lakay nou an, mwen pa t' sou kont pesonn lè m' te bezwen lajan, paske frè ki soti Masedwan yo te pote tou sa m' te bezwen pou mwen. Mwen te pran kont prekosyon m' pou m' pa t' sou kont nou yonn pou anyen, epi m'ap toujou pran menm prekosyon sa a.
And when I was present with you, and was in need, I let no man be responsible for me; for the brothers, when they came from Macedonia, gave me whatever was needed; and in everything I kept myself from being a trouble to you, and I will go on doing so.
και παρων προς υμας και υστερηθεις ου κατεναρκησα ουδενοσ το γαρ υστερημα μου προσανεπληρωσαν οι αδελφοι ελθοντες απο μακεδονιας και εν παντι αβαρη υμιν εμαυτον ετηρησα και τηρησω
- 10 Jan mwen sèten mwen konnen verite Kris la, mwen pa ka bay manti, se konsa m'ap di nou sa: rezon sa a mwen genyen pou m' vante tèt mwen nan tout peyi Lakayi a, pesonn p'ap kapab wete l' nan men mwen.
As the true word of Christ is in me, I will let no man take from me this my cause of pride in the country of Achaia.
εστιν αληθεια χριστου εν εμοι οτι η καυχησις αυτη ου σφραγισεται εις εμε εν τοις κλιμασιν της αχαιας

- 11 Poukisa? Eske se paske mwen pa renmen nou? Se Bondye ki konnen jan mwen renmen nou.
Why? because I have no love for you? let God be judge.
διαιτι οτι ουκ αγαπω υμας ο θεος οιδεν
- 12 Men, m'ap toujou aji jan m'ap aji koulye a, pou m' pa bay moun k'ap chache okazyon pou yo fè grandizè chans pou yo ka di yo travay menm jan ak mwen.
But what I do, that I will go on doing, so that I may give no chance to those who are looking for one; so that, in the cause of their pride, they may be seen to be the same as we are.
ο δε ποιω και ποιησω ινα εκκοψω την αφορμην των θελοντων αφορμην ινα εν ω καυχωνται ευρεθωσιν καθως και ημεις
- 13 Moun sa yo, se pòz apòt yo y'ap pran. Y'ap bay manti sou travay yo, y'ap fè tèt yo pase pou apòt Kris la.
For such men are false Apostles, workers of deceit, making themselves seem like Apostles of Christ.
οι γαρ τοιουτοι ψευδαποστολοι εργαται δολιοι μετασηματιζομενοι εις αποστολους χριστου
- 14 Pa gen anyen la a ki pou fè n' sezi: ata Satan ka ranje kò l' pou l' pran pòz yon zanj limyè.
And it is no wonder; for even Satan himself is able to take the form of an angel of light.
και ου θαυμαστον αυτος γαρ ο σατανας μετασηματιζεται εις αγγελον φωτος
- 15 Si moun k'ap sèvi Satan yo pran pòz moun k'ap sèvi sa ki byen, pa gen anyen ki dwòl nan sa. Men, bout pou bout y'a jwenn sa y'ap chache a.
So it is no great thing if his servants make themselves seem to be servants of righteousness; whose end will be the reward of their works.
ου μεγα ουν ει και οι διακονοι αυτου μετασηματιζονται ως διακονοι δικαιοσυνης ον το τελος εσται κατα τα εργα αυτων
- 16 ¶ M'ap repete sa m' te di a: Piga pesonn pran m' pou moun fou. Men, si nou pran m' pou moun fou, kite m' pran pòz moun fou m' vre pou m' kapab vante tèt mwen yon ti kras tou.
I say again, Let me not seem foolish to anyone; but if I do, put up with me as such, so that I may take a little glory to myself.
παλιν λεγω μη τις με δοξη αφρονα εινα ει δε μηγε καν ως αφρονα δεξασθε με ινα μικρον τι καγω καυχησωμαι
- 17 Sa m'ap di koulye a, se pa sa menm Seyè a ta renmen m' di. Men, nan pozisyon yo mete m' ki fè m' ka vante tèt mwen an, m'ap pale tankou si m' te fou.
What I am now saying is not by the order of the Lord, but as a foolish person, taking credit to myself, as it seems.
ο λαλω ου λαλω κατα κυριον αλλ ως εν αφροσυνη εν ταυτη τη υποστασει της καυχησεως
- 18 Sitèlman gen moun k'ap vante tèt yo pou bagay y'ap fè sou latè, kite m' vante tèt mwen tou.
Seeing that there are those who take credit to themselves after the flesh, I will do the same.
επει πολλοι καυχωνται κατα την σαρκα καγω καυχησομαι
- 19 Nou menm ki gen bon konprann nou pa manke tolere moun fou!
For you put up with the foolish gladly, being wise yourselves.
ηδεως γαρ ανεχεσθε των αφρωνων φρονιμοι οντες
- 20 Nou kite yo fè nou tounen esklav, nou kite yo devore nou, nou kite yo pran nou nan pèlen, nou kite yo fè awogans sou nou, nou kite yo ban nou souffèt.
You put up with a man if he makes servants of you, if he makes profit out of you, if he makes you prisoners, if he puts himself in a high place, if he gives you blows on the face.
ανεχεσθε γαρ ει τις υμας καταδουλοι ει τις κατεσθιει ει τις λαμβανει ει τις επαιρεται ει τις υμας εις προσωπον δερει
- 21 Wi, mwen wont di sa: Mwen te twò fèb pou m' te aji jan m' te aji ak nou an! Men, si gen moun ki ka pèmèt yo vante tèt yo pou lòt bagay (pa bliye m'ap pale tankou yon moun fou wi!) mwen menm tou m'ap pèmèt mwen fè sa tou.
I say this by way of shaming ourselves, as if we had been feeble. But if anyone puts himself forward (I am talking like a foolish person), I will do the same.
κατα ατιμιαν λεγω ως οτι ημεις ησθενησαμεν εν ω δ αν τις τολμα εν αφροσυνη λεγω τολμω καγω
- 22 ¶ Eske yo se pitit pitit Ebè? Mwen menm tou. Eske yo se moun ras Izrayèl la? Mwen menm tou. Eske yo se pitit pitit Abraram? Mwen menm tou.
Are they Hebrews? so am I. Are they of Israel? so am I. Are they the seed of Abraham? so am I.
εβραιοι εισιν καγω ισραηλιται εισιν καγω σπερμα αβρααμ εισιν καγω
- 23 Eske yo se moun k'ap sèvi Kris la? (M'ap pale koulye a tankou moun ki deraye nèt.) Mwen sèvi Kris la plis pase yo: mwen travay pase yo, yo mete m' nan prizon pi plis pase yo, yo bat mwen pi plis pase yo, mwen manke mouri pi souvan pase yo.
Are they servants of Christ? (I am talking foolishly) I am more so; I have had more experience of hard work, of prisons, of blows more than measure, of death.
διακονοι χριστου εισιν παραφρωνων λαλω υπερ εγω εν κοποις περισσοτερος εν πληγαις υπερβαλλοντως εν φυλακαις περισσοτερος εν θανατοις πολλακις

- 24 An senk fwa, jwif yo ban m' trant nèf kout fwèt.
Five times the Jews gave me forty blows but one.
υπο ιουδαιων πεντακις τεσσαρακοντα παρα μιαν ελαβον
- 25 An twa fwa, women yo bat mwen. Yon fwa yo kalonnen m' wòch pou yo te touye mwen. Batiman koule avè m' twa fwa. Yon fwa menm mwen pase yon jou ak yon nwit nan dlo.
Three times I was whipped with rods, once I was stoned, three times the ship I was in came to destruction at sea, a night and a day I have been in the water;
τρις ερραβδισθην απαξ ελιθασθην τρις εναυαγησα νυχθημερον εν τω βυθω πεποιηκα
- 26 Anpil fwa menm, lè m'ap vwayaje konsa dlo larivyè manke pote m' ale. Bandi manke touye m', jwif yo manke touye m' tou, ata moun lòt nasyon yo manke touye m' tou. Mwen te an danje nan lavil, mwen te an danje andeyò, mwen te an danje sou lanmè. Ata swadizan frè yo manke touye mwen.
In frequent travels, in dangers on rivers, in dangers from outlaws, in dangers from my countrymen, in dangers from the Gentiles, in dangers in the town, in dangers in the waste land, in dangers at sea, in dangers among false brothers;
οδοποριας πολλακις κινδυνους ποταμων κινδυνους ληστων κινδυνους εκ γενους κινδυνους εξ εθνων κινδυνους εν πολει κινδυνους εν ερημια κινδυνους εν θαλασση κινδυνους εν ψευδαδελφοις
- 27 Mwen redi travay di, mwen fatigue kò m' anpil, mwen pase anpil nwit san dòmi, mwen konnen sa ki rele grangou ak swaf dlo. Anpil fwa mwen te blije rete san manje, mwen soufri fredri, mwen konn pa gen rad pou m' mete sou mwen.
In hard work and weariness, in frequent watchings, going without food and drink, cold and in need of clothing.
εν κοπω και μοχθω εν αγρυπνιας πολλακις εν λιμω και διψει εν νηστειαις πολλακις εν ψυχει και γυμνοτητι
- 28 San konte anpil lòt bagay ankò, chak jou se tèt chaje pou mwen ak bagay mwen gen pou m' regle pou tout legliz yo.
In addition to all the other things, there is that which comes on me every day, the care of all the churches.
χωρις των παρεκτος η επισυστασις μου η καθ ημεραν η μεριμνα πασων των εκκλησιων
- 29 Si yon moun fèb, lamenn mwen fèb tou. Si yon moun tonbe nan peche, sa rann mwen malad.
Who is feeble and I am not feeble? who is in danger of falling, and I am not angry?
τις ασθενει και ουκ ασθενω τις σκανδαλιζεται και ουκ εγω τυρομαι
- 30 Si se pou m' vante tèt mwen, m'a vante tèt mwen pou tout bagay ki pou moutre jan m' fèb.
If I have to take credit to myself, I will do so in the things in which I am feeble.
ει καυχασθαι δει τα της ασθενειας μου καυχησομαι
- 31 Bondye ki Papa Seyè Jezi a (li menm k'ap resevwa lwanj tout tan an), li konnen mwen p'ap bay manti.
The God and Father of our Lord Jesus Christ, to whom be praise for ever, is witness that the things which I say are true.
ο θεος και πατηρ του κυριου ημων ιησου χριστου οιδεν ο ων ευλογητος εις τους αιωνας οτι ου ψευδομαι
- 32 Lè m' te lavil Damas, moun wa Aretas te mete pou gouvènè lavil la pran gad, li mete yo nan tout pòtay lavil la pou yo te arete m'.
In Damascus, the ruler under Aretas the king kept watch over the town of the people of Damascus, in order to take me:
εν δαμασκω ο εθναρχης αρετα του βασιλεως εφρουρει την δαμασκηνων πολιν πιασαι με θελων
- 33 Men frè yo fè m' pase nan yon fennèt nan gwo miray lavil la. Yo file m' desann nan yon panyen. Se konsa mwen te chape kò m' anba men li.
And being let down in a basket from the wall through a window, I got free from his hands.
και δια θυριδος εν σαργανη εχαλασθην δια του τειχους και εξεφυγον τας χειρας αυτου
- 1 ¶ Mwen blije ap vante tèt mwen, atout mwen konnen sa pa bon. Men, m'ap vin koulye a sou vizyon ak revelasyon Seyè a te ban mwen.
As it is necessary for me to take glory to myself, though it is not a good thing, I will come to visions and revelations of the Lord.
καυχασθαι δι ου συμφερει μοι ελευσομαι γαρ εις οπτασιαις και αποκαλυψεις κυριου
- 2 Mwen konnen yon moun k'ap viv nan Kris la, ki te transpòte jouk anwo nèt nan syèl la. Sa gen katòzan depase. (Mwen pa konn ki jan sa te fè fèt, mwen pa ka di si l' te moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki konnen.)
I have knowledge of a man in Christ, fourteen years back (if he was in the body, or out of the body, I am not able to say, but God only), who was taken up to the third heaven.
οιδα ανθρωπον εν χριστω προ ετων δεκατεσσαρων ειτε εν σωματι ουκ οιδα ειτε εκτος του σωματος ουκ οιδα ο θεος οιδεν αρπαγεντα τον τοιουτον εως τριτου ουρανου
- 3 Wi, mwen konnen nonm sa a te santi l' moute jouk anwo nan paradi. M'ap repete, mwen pa ka di si li te moute tout bon nan kò l', osinon si se te yon vizyon li te fè. Se Bondye sèl ki konnen.
And I have knowledge of such a man (if he was in the body, or out of the body, I am not able to say, but God only),
και οιδα τον τοιουτον ανθρωπον ειτε εν σωματι ειτε εκτος του σωματος ουκ οιδα ο θεος οιδεν

- 4 Antan l' te la, li tande yon bann pawòl bouch moun pa ka pale, koze moun pa gen dwa repete.
How he was taken up into Paradise, and words came to his ears which may not be said, and which man is not able to say.
οτι ηρπαγη εις τον παραδεισον και ηκουσεν αρρητα ρηματα α ουκ εξον ανθρωπω λαλησαι
- 5 Enben, m'ap fè lwanj nonm sa a, mwen p'ap fè lwanj tèt pa m', esepite si se pou m' moutre jan m' fèb.
On account of such a one I will have glory: for myself I will take no glory, but only in my feeble body.
υπερ του τοιουτου καυχησομαι υπερ δε εμαυτου ου καυχησομαι ει μη εν ταις ασθενειαις μου
- 6 Si mwen te vle vante tèt mwen, mwen pa ta yon nonm fou non, paske mwen pa t'ap bay manti. Men, mwen refize vante tèt mwen. Mwen pa ta vle pou yon moun rive konprann mwen plis pase sa li te met nan tèt li mwen ye, lè l' te wè sa m'ap fè, lè l' tande sa m'ap di.
For if I had a desire to take credit to myself, it would not be foolish, for I would be saying what is true: but I will not, for fear that I might seem to any man more than he sees me to be, or has word from me that I am.
εαν γαρ θελησω καυχησασθαι ουκ εσομαι αφρων αληθειαν γαρ ερω φειδομαι δε μη τις εις εμε λογισηται υπερ ο βλεπει με η ακουει τι εξ εμου
- 7 Malgre sa, pou lògèy pa fè m' gonfle avèk kalite bèl revelasyon sa yo mwen resewva, yo ban m' yon kalite maladi nan kò m' k'ap fè m' soufri, ou ta di yon zanj Satan voye maltrete m' pou anpeche m' gen lògèy.
And because the revelations were so very great, in order that I might not be overmuch lifted up, there was given to me a thorn in the flesh, one sent from Satan to give me pain.
και τη υπερβολη των αποκαλυψεων ινα μη υπεραιρωμαι εδοθη μοι σκολωψ τη σαρκι αγγελος σαταν ινα με κολαφιζη ινα μη υπεραιρωμαι
- 8 An twa fwa mwen lapriyè Seyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou l' wete li sou mwen.
And about this thing I made request to the Lord three times that it might be taken away from me.
υπερ τουτου τρις τον κυριον παρεκαλεσα ινα αποστη απ εμου
- 9 Chak fwa, li reponn mwen: Se favè m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouwva mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen pito pale sou feblès mwen pou pouwva Kris la ka mete m' anba zèl li.
And he said to me, My grace is enough for you, for my power is made complete in what is feeble. Most gladly, then, will I take pride in my feeble body, so that the power of Christ may be on me.
και ειρηκεν μοι αρκει σοι η χαρις μου η γαρ δυναμις μου εν ασθeneia τελειουται ηδιστα ουν μαλλον καυχησομαι εν ταις ασθενειαις μου ινα επισκηνωση επ εμε η δυναμις του χριστου
- 10 Se sak fè tou mwen kontan anpil lè m' santi m' fèb, lè y'ap joure m', lè m' nan lafliksyon, lè m' anba pèsekasyon, lè m' nan filkite, lè m'ap sibi tou sa akòz Kris la. Paske lè m' fèb, se lè sa a mwen gen fòs.
So I take pleasure in being feeble, in unkind words, in needs, in cruel attacks, in troubles, on account of Christ: for when I am feeble, then am I strong.
διο ευδοκω εν ασθeneiais εν υβρεσιν εν αναγκαις εν διωγμοις εν στενοχωριαις υπερ χριστου οταν γαρ ασθενω τοτε δυνατος ειμι
- 11 ¶ Mwen sot pale la a tankou moun fou. Men, se nou menm ki lakòz sa. Se nou menm ki pou ta pran defans mwen. Mwen te mèt pa anyen vre, men, apòt nou yo ki kwè yo plis pase tout moun, yo pa gen anyen pase mwen.
I have been forced by you to become foolish, though it was right for my praise to have come from you: for in no way was I less than the chief of the Apostles, though I am nothing.
γεγονα αφρων καυχωμενος υμεις με ηναγκασατε εγω γαρ ωφειλον υφ υμων συνιστασθαι ουδεν γαρ υστερησα των υπερ λιαν αποστολων ει και ουδεν ειμι
- 12 Avèk anpil pasyans, Bondye fè nou wè kont siy, kont mirak, kont bèl bagay ki rive nan mitan nou, tou sa pou ban nou prèy se yon apòt mwen ye.
Truly the signs of an Apostle were done among you in quiet strength, with wonders and acts of power.
τα μεν σημεια του αποστολου κατειργασθη εν υμιν εν παση υπομονη εν σημειοις και τερασιν και δυναμειν
- 13 Mwen pa t' sou kont nou, se vre. Mwen mande nou padon pou fòt sa a. Men, apa sa, kisa yo fè pou lòt legliz yo yo pa fè pou nou?
For what is there in which you were made less than the other churches, but in the one thing that I was not a trouble to you? Let me have forgiveness for this wrong.
τι γαρ εστιν ο ηττηθητε υπερ τας λοιπας εκκλησιας ει μη οτι αυτος εγω ου κατεναρκησα υμων χαρισασθε μοι την αδικιαν ταυτην
- 14 Mwen pare koulye a pou m' vin lakay nou yon twazyèm fwa. Fwa sa a ankò mwen p'ap sou kont nou. Se nou menm menm mwen bezwen, se pa lajan nou. Konprann sa byen, se pa pitit ki pou fè lajan pou pran swen manman ak papa. Se manman ak papa ki pou fè lajan pou pran swen pitit.
This is now the third time that I am ready to come to you; and I will not be a trouble to you: my desire is for you, not for your property: for it is not the children's business to make store for their fathers, but the fathers for the children.
ιδου τριτον ετοιμωζ εχω ελθειν προς υμας και ου καταναρκησω υμων ου γαρ ζητω τα υμων αλλ υμας ου γαρ οφειλει τα τεκνα τοις γονευσιν θησαυριζειν αλλ οι γονεις τοις τεκνοις
- 15 Pou mwen menm, m'ap kontan depanse tou sa m' genyen, se va tout plezi m' pou m' bay ata tèt mwen pou nanm nou ka pwofite. Eske n'a renmen m' mwens paske mwen renmen nou anpil konsa?
And I will gladly give all I have for your souls. If I have the more love for you, am I to be loved the less?
εγω δε ηδιστα δαπανησω και εκδαπανηθησομαι υπερ των ψυχων υμων ει και περισσοτερωζ υμας αγαπων ηττον αγαπωμαι

- 16 Se pou nou admèt mwen pa t' janm yon chay pou nou. Men, gen moun ki va di: Pòl se yon nonm ki malen wi. Gade jan li pran nou nan pèlen ak yon bann manti.
But let it be so, that I was not a trouble to you myself; but (someone may say) being false, I took you with deceit.
εστω δε εγω ου καταβαρασα υμας αλλ υπαρχων πανουργος δολω υμας ελαβον
- 17 Nan moun mwen te voye lakay nou, èske gen ladan yo ki te souse nou?
Did I make a profit out of you by any of those whom I sent to you?
μη τινα ων απεσταλκα προς υμας δι αυτου επλεονεκτησα υμας
- 18 Mwen te mande Tit pou li al lakay nou. Mwen te voye lòt frè a ansanm avè li. Eske nou ka di Tit te egzije kichòy nan men nou? Eske mwen menm ansanm ak Tit, nou pa gen menm rezòn pou n' aji jan nou aji a? Eske nou pa kondi tèt nou menm jan an?
I gave orders to Titus, and I sent the brother with him. Did Titus make any profit out of you? were we not guided by the same Spirit, in the same ways?
παρεκαλεσα τιτον και συναπεστειλα τον αδελφον μη τι επλεονεκτησεν υμας τιτος ου τω αυτω πνευματι περιεπατησαμεν ου τοις αυτοις ιχνεσιν
- 19 Nou dwe mete nan tèt nou koulye a se chache m'ap chache defann tèt mwen devan nou? enben non! M'ap pale jan Kris la vle l' la, mwen pran Bondye pou temwen: Mwen di nou tout bagay sa yo, mezanmi, pou nou ka grandi nan lafwa.
It may seem to you that all this time we have been attempting to put ourselves in the right; but we are saying these things before God in Christ. For all things, dear brothers, are for your profit.
παλιν δοκειτε οτι υμιν απολογουμεθα κατενωπιον του θεου εν χριστω λαλουμεν τα δε παντα αγαπητοι υπερ της υμων οικοδομης
- 20 Mwen pè pou lè m' rive lakay nou, mwen pa jwenn nou jan mwen ta vle l' la. Mwen pè pou m' pa jwenn kont, jalouzi, bouyay, rayisab, joure, tripotaj, lògèy, dezòd nan mitan nou.
For I have a fear that, when I come, you may not be answering to my desire, and that I may not be answering to yours; that there may be fighting, hate, angry feeling, divisions, evil talk about others, secrets, thoughts of pride, outbursts against authority;
φοβουμαι γαρ μηπως ελθων ουχ οιουσ θελω ευρω υμας καγω ευρεθω υμιν οιον ου θελετε μηπως ερεις ζηλοι θυμοι εριθειαι καταλαλαι ψιθυρισμοι φυσιωσεις ακαταστασαι
- 21 Mwen pè pou lè m' rive lakay nou, Bondye m'ap sèvi a pa rabese m' ankò devan nou, pou m' pa bezwen nan kriye pou anpil nan nou ki te fè peche anvan sa, epi ki pa tounen vin jwenn Bondye, men ki toujou rete nan malpwòpte yo, nan imoralite yo, nan tout vis yo t'ap fè yo.
And that when I come again, my God may put me to shame among you, and I may have grief for those who have done wrong before and have had no regret for their unclean ways, and for the evil desires of the flesh to which they have given way.
μη παλιν ελθοντα με ταπεινωσει ο θεος μου προς υμας και πενηθσω πολλους των προημαρτηκωτων και μη μετανοησαντων επι τη ακαθαρσια και πορνεια και ασελγεια η επραξαν
- 1 ¶ M'ap vin lakay nou pou yon twazyèm fwa. Lè sa a, jan sa ekri nan Liv la, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen.
This is the third time that I am coming to you. From the mouth of two or three witnesses will every word be made certain.
τριτον τουτο ερχομαι προς υμας επι στοματος δυο μαρτυρων και τριων σταθησεται παν ρημα
- 2 M'ap avèti nou tout ki te fè peche anvan sa, ansanm ak tout lòt yo. Mwen te deja di nou sa lè m' te vin lakay nou dezyèm fwa a. Koulye a mwen pa la, m'ap repete l' ankò: pwochenn fwa m'ap tounen lakay nou, mwen p'ap mennaje pesonn.
I said before, and still say it before I come, as being present for the second time, though I am still away from you, to those who have done wrong before, and to all the others, that if I come again I will not have pity;
προειρηκα και προλεγω ως παρων το δευτερον και απων νυν γραφω τοις προημαρτηκοσιν και τοις λοιποις πασιν οτι εαν ελθω εις το παλιν ου φεισομαι
- 3 Nou bezwen prèy se Kris la k'ap pale lè m'ap pale, enben n'a jwenn li. Kris la pa fèb non lè l'ap regle ak nou. Okontrè, l'ap fè nou wè pouvwa li.
Seeing that you are looking for a sign of Christ giving out his word in me; who is not feeble in relation to you, but is strong in you:
επει δοκιμην ζητειτε του εν εμοι λαλουντος χριστου ος εις υμας ουκ ασθενει αλλα δυνατει εν υμιν
- 4 Wi, se vre: yo te kloure l' sou yon kwa paske li te fèb. Men koulye a, li vivan gremesi pouvwa Bondye a. Mwen menm tou, mwen fèb ansanm ak Kris la. Men, lè m'ap regle avèk nou, mwen vivan ansanm avè l' tou, gremesi pouvwa Bondye a.
For he was feeble in that he was put to death on the cross, but he is living by the power of God. And we are feeble in him, but we will be living with him through the power of God in relation to you.
και γαρ ει εσταυρωθη εξ ασθενειας αλλα ζη εκ δυναμεως θεου και γαρ ημεις ασθενουμεν εν αυτω αλλα ζησομεθα συν αυτω εκ δυναμεως θεου εις υμας
- 5 Sonde tèt nou nou menm, egzaminen konsyans nou byen pou wè si n'ap viv ak konfyans nan Bondye. Nou fèt pou nou rekonèt si Jezikri nan kè nou, esepite si nou pa ta kapab bay prèy nou gen konfyans nan Bondye.
Make a test of yourselves, if you are in the faith; make certain of yourselves. Or are you not conscious in yourselves that Jesus Christ is in you, if you are truly Christ's?
εαυτους πειραζετε ει εστε εν τη πιστει εαυτους δοκιμαζετε η ουκ επιγνωσκετε εαυτους οτι ιησους χριστος εν υμιν εστιν ει μη τι αδοκιμοι εστε
- 6 Men, mwen kwè n'a rekonèt sa tou: mwen menm, mwen kapab bay prèy mwen gen konfyans nan Bondye.
But it is my hope that you will have no doubt that we are truly Christ's.
ελπιζω δε οτι γνωσεσθε οτι ημεις ουκ εσμεν αδοκιμοι

- 7 ¶ M'ap lapriyè Bondye pou nou pa fè anyen ki mal. Lè m' fè sa, mwen pa fè l' nan lide pou m' moutre sa m' kapab fè. Men, mwen ta renmen wè nou fè sa ki byen, menm si mwen pase pou moun ki pa kapab fè anyen.
Now our prayer to God is that you may do no evil; not in order that it may be put to our credit, but so that you may do what is right, whatever we may seem.
ευχομαι δε προς τον θεον μη ποιησαι υμας κακον μηδεν ουχ ινα ημεις δοκιμοι φανωμεν αλλ ινα υμεις το καλον ποιητε ημεις δε ως αδοκιμοι ωμεν
- 8 Nou pa ka fè anyen ki kont verite Bondye a, se pou li ase nou ka travay.
Because we are able to do nothing against what is true, but only for it.
ου γαρ δυναμεθα τι κατα της αληθειας αλλ υπερ της αληθειας
- 9 Mwen kontan nèt lè mwen menm mwen fèb, epi nou menm nou gen fòs. Se sak fè, m'ap mande nan lapriyè m' pou nou vin bon nèt sou tout pwen.
For we are glad when we are feeble and you are strong: and this is our prayer, even that you may be made complete.
χαιρομεν γαρ οταν ημεις ασθενωμεν υμεις δε δυνατοι ητε τουτο δε και ευχομεθα την υμων καταρτισιν
- 10 M'ap ekri nou konsa lè mwen lwen nou, se pou lè m' rive lakay nou, mwen pa bezwen aji sevè avèk nou. Otorite Seyè a ban mwen an, se pa pou detwi nou non li ban mwen li. Men, se pou fè nou grandi nan konfyans nou gen nan Kris la.
For this cause I am writing these things while I am away, so that there may be need for me, when I am present, to make use of sharp measures, by the authority which the Lord has given me for building up and not for destruction.
δια τουτο ταυτα απων γραφω ινα παρων μη αποτομως χρησωμαι κατα την εξουσιαν ην εδωκεν μοι ο κυριος εις οικοδομην και ουκ εις καθαιρεσιν
- 11 ¶ Koulye a, frè m' yo, mwen kite nou. Chache pou nou vin bon nèt sou tout pwen. Se pou nou yonn ankouraje lòt, mete nou dakò yonn ak lòt, viv ak kè poze. Bondye ki bay renmen ak kè poze a, va toujou avè nou.
Let this be my last word, brothers; be glad; be complete; be comforted; be of the same mind; be at peace with one another: and the God of love and peace will be with you.
λοιπον αδελφοι χαιρετε καταρτιζεσθε παρακαλεισθε το αυτο φρονειτε ειρηνευετε και ο θεος της αγαπης και ειρηνης εσται μεθ υμων
- 12 Se pou nou yonn bo lòt tankou moun k'ap viv pou Bondye.
Give one another a holy kiss.\
- 12 Se pou nou yonn bo lòt tankou moun k'ap viv pou Bondye.
\13:13\All the saints send their love to you.
ασπασασθε αλληλους εν αγιω φιληματι
- 13 (13:12) Tout frè k'ap viv pou Bondye yo voye bonjou pou nou.
\13:14\The grace of our Lord Jesus Christ, and the love of God, and the harmony of the Holy Spirit, be with you all.
ασπαζονται υμας οι αγιοι παντες
- 1 ¶ Mwen menm Pòl, se pa moun ki te chwazi m', ni Bondye pa t' voye yon moun chwazi m', men se Jezikri menm ki te chwazi m' pou sèvi apòt, ansanm ak Bondye Papa a ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò.
Paul, an Apostle (not from men, and not through man, but through Jesus Christ, and God the Father, who made him come back from the dead),
παυλος αποστολος ουκ απ ανθρωπων ουδε δι ανθρωπου αλλα δια ιησου χριστου και θεου πατρος του εγειραντος αυτον εκ νεκρων
- 2 Tout frè ki isit la yo mete tèt ansanm avè m' pou ekri lèt sa a pou tout legliz ki nan peyi Galasi yo.
And all the brothers who are with me, to the churches of Galatia:
και οι συν εμοι παντες αδελφοι ταις εκκλησιας της γαλατιας
- 3 Nou mande Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze.
Grace to you and peace from God the Father and our Lord Jesus Christ,
χαρις υμιν και ειρηνη απο θεου πατρος και κυριου ημων ιησου χριστου
- 4 Dapre volonte Bondye, Papa nou, Kris la te bay tèt li pou peche nou yo, pou l' te ka delivre nou anba move tan mechan ki sou latè koulye a.
Who gave himself for our sins, so that he might make us free from this present evil world, after the purpose of our God and Father:
του δοντος εαυτον υπερ των αμαρτιων ημων οπως εξελιηται ημας εκ του ενεστωτος αιωνος πονηρου κατα το θελημα του θεου και πατρος ημων
- 5 Lwanj pou Bondye pou tout tan! Amèn.
To whom be the glory for ever and ever. So be it.
ω η δοξα εις τους αιωνας των αιωνων αμην

- 6 ¶ Mwen sezi wè jan nou prese vire do bay Bondye ki te rele nou, gremesi Kris la, pou n' al swiv yon lòt kalite bon nouvèl.
I am surprised that you are being so quickly turned away from him whose word came to you in the grace of Christ, to good news of a different sort;
θαυμαζω οτι ουτως ταχως μετατιθεσθε απο του καλεσαντος υμας εν χαριτι χριστου εις ετερον ευαγγελιον
- 7 Pou di vre, pa gen okenn lòt bon nouvèl. Men, mwen di sa paske gen moun k'ap plede chaje tèt nou, ki vle chanje anpil bagay nan bon nouvèl Kris la.
Which is not another sort: only there are some who give you trouble, desiring to make changes in the good news of Christ.
ο ουκ εστιν αλλο ει μη τινες εισιν οι ταρασσοντες υμας και θελοντες μεταστρεψαι το ευαγγελιον του χριστου
- 8 Enben, si yon moun ta vin anonse nou yon lòt bon nouvèl ki pa menm ak sa nou te anonse nou an, moun sa a li te mè se mwen menm, osinon yon zanj ki soti nan syèl, madichon pou li!
But even if we, or an angel from heaven, were to be a preacher to you of good news other than that which we have given you, let there be a curse on him.
αλλα και εαν ημεις η αγγελος εξ ουρανου ευαγγελιζηται υμιν παρ ο ευηγγελισαμεθα υμιν αναθεμα εστω
- 9 Mwen deja di nou sa, koulye a m'ap repete nou sa ankò: si yon moun vin anonse nou yon bon nouvèl ki pa menm ak sa nou te resevwa a, madichon pou li!
As we have said before, so say I now again, If any man is a preacher to you of any good news other than that which has been given to you, let there be a curse on him.
ως προειρηκαμεν και αρτι παλιν λεγω ει τις υμας ευαγγελιζεται παρ ο παρελαβετε αναθεμα εστω
- 10 ¶ Lè mwen di sa, èske sa vle di se favè moun m'ap chache? Non. Se favè Bondye m'ap chache. Eske se plezi m'ap chache fè lèzòm plezi? Si m' t'ap chache fè lèzòm plezi, se pa Kris la mwen ta ap sèvi.
Am I now using arguments to men, or God? or is it my desire to give men pleasure? if I was still pleasing men, I would not be a servant of Christ.
αρτι γαρ ανθρωπους πειθω η τον θεον η ζητω ανθρωποις αρεσκειν ει γαρ ετι ανθρωποις ηρεσκον χριστου δουλος ουκ αν ημην
- 11 M'ap di nou sa, frè m' yo, bon nouvèl m'ap anonse a pa soti nan moun.
Because I say to you, my brothers, that the good news of which I was the preacher is not man's.
γνωριζω δε υμιν αδελφοι το ευαγγελιον το ευαγγελισθεν υπ εμου οτι ουκ εστιν κατα ανθρωπον
- 12 Paske mwen menm, mwen pa t' resevwa l' nan men pesonn, ni se pa yon moun ki te moutre m' li. Men, se Jezikri menm ki te fè m' konnen li.
For I did not get it from man, and I was not given teaching in it, but it came to me through revelation of Jesus Christ.
ουδε γαρ εγω παρα ανθρωπου παρελαβον αυτο ουτε εδιδαχθην αλλα δι αποκαλυψεως ιησου χριστου
- 13 Nou tande pale sa m' te konn fè nan tan lontan, lè m' te nan relijyon jwif yo. Nou konnen jan m' te san pitye lè m' t'ap pèsekite legliz Bondye a, jan m' t'ap chache kraze li.
For news has come to you of my way of life in the past in the Jews' religion, how I was cruel without measure to the church of God, and did great damage to it:
ηκουσατε γαρ την εμην αναστροφην ποτε εν τω ιουδαισμο οτι καθ υπερβολην εδιωκον την εκκλησιαν του θεου και επορθουν αυτην
- 14 Nan relijyon jwif yo mwen te pi fò pase anpil moun nan ras mwen ki te menm laj avè mwen. Mwen te pi cho pase yo pou defann koutim zansèt nou yo.
And I went farther in the Jews' religion than a number of my generation among my countrymen, having a more burning interest in the beliefs handed down from my fathers.
και προεκοπτον εν τω ιουδαισμο υπερ πολλους συνηλικιωτας εν τω γενει μου περισσοτερος ζηλωτης υπαρχων των πατρικων μου παραδοσεων
- 15 Men, Bondye fè m' favè l', li mete m' apa depi nan vant manman m', li rele m' pou m' te ka sèvi li.
But when it was the good pleasure of God, by whom I was marked out even from my mother's body, through his grace,
οτε δε ευδοκησεν ο θεος ο αφορισας με εκ κοιλιας μητρος μου και καλεσας δια της χαριτος αυτου
- 16 Konsa, lè se te lide l' pou l' te fè m' konnen Pitit li a, pou m' te ka anonse bon nouvèl li a nan mitan moun ki pa jwif yo, wi, lè sa a, mwen pa t' al mande pesonn konsèy.
To give the revelation of his Son in me, so that I might give the news of him to the Gentiles; then I did not take the opinion of flesh and blood,
αποκαλυψαι τον υιον αυτου εν εμοι ινα ευαγγελιζωμαι αυτον εν τοις εθνεσιν ευθεως ου προσανεθεμην σαρκι και αιματι
- 17 Mwen pa t' moute Jerizalèm non plis pou m' al wè moun ki te apòt anvan m' yo. Men, mwen te pati la menm pou peyi Arabi. Apre sa, mwen tounen tounen m' lavil Damas.
And I went not up to Jerusalem to those who were Apostles before me; but I went away into Arabia, and again I came back to Damascus.
ουδε ανηλθον εις ιεροσολυμα προς τους προ εμου αποστολους αλλ απηλθον εις αραβιαν και παλιν υπεστρεψα εις δαμασκον
- 18 Sou twazan, mwen moute lavil Jerizalèm pou m' te fè konesans ak Pyè. Mwen rete kenz jou lakay li.
Then after three years I went up to Jerusalem to see Cephas, and was there with him fifteen days.
επειτα μετα ετη τρια ανηλθον εις ιεροσολυμα ιστορησαι πετρον και επεμεινα προς αυτον ημερας δεκαπεντε
- 19 Lè sa a, mwen pa t' wè okenn nan lòt apòt yo, esepite Jak, frè Seyè a.
But of the other Apostles I saw only James, the Lord's brother.
ετερον δε των αποστολων ουκ ειδον ει μη ιακωβον τον αδελφον του κυριου

- 20 Sa m'ap ekri nou la a, se vre wi. Mwen pran Bondye pou temwen, mwen p'ap bay manti.
Now God is witness that the things which I am writing to you are true.
α δε γραφω υμιν ιδου ενωπιον του θεου οτι ου ψευδομαι
- 21 Apre sa, mwen te ale nan peyi Siri ak Silisi.
Then I came to the parts of Syria and Cilicia.
επειτα ηλθον εις τα κλιματα της συριας και της κιλικιας
- 22 Pandan tout tan sa a, manm legliz Kris la ki te nan peyi Jide a pa t' ankò rekonèt mwen.
And the churches of Judaea which were in Christ still had no knowledge of my face or person:
ημην δε αγνοουμενος τω προσωπω ταις εκκλησιας της ιουδαιας ταις εν χριστω
- 23 Yo te sèlman konn tande moun ap di yo: Nonm ki t'ap pesekite nou nan tan lontan an, koulè a men l'ap mache anonse bon nouvèl li te vle kraze a.
Only it came to their ears that he who at one time was cruel to us is now preaching the faith which before had been attacked by him;
μονον δε ακουοντες ησαν οτι ο διωκων ημας ποτε νυν ευαγγελιζεται την πιστιν ην ποτε επορθει
- 24 Yo t'ap fè lwanj Bondye pou tèt mwen.
And they gave glory to God in me.
και εδοξαζον εν εμοι τον θεον
- 1 ¶ Apre sa, katòz lanne te pase anvan m' te moute lavil Jerizalèm ankò, fwa sa a ansanm ak Banabas. Mwen te mennen Tit avè m' tou.
Then after the space of fourteen years I went up again to Jerusalem with Barnabas, taking Titus with me.
επειτα δια δεκατεσσαρων ετων παλιν ανεβην εις ιεροσολυμα μετα βαρναβα συμπαραλαβων και τιτον
- 2 Kifè m' te moute a, se paske Bondye te fè m' konnen pou m' te fè sa. Nan yon reyinyon mwen te gen apa ak dirijan yo, mwen mete devan yo bon nouvèl mwen t'ap anonse moun ki pa jwif yo. Mwen pa t' vle pou ni travay mwen te fin fè a, ni travay mwen t'ap fè a pase pou anyen.
And I went up by revelation; and I put before them the good news which I was preaching among the Gentiles, but privately before those who were of good name, so that the work which I was or had been doing might not be without effect.
ανεβην δε κατα αποκαλυψιν και ανεθεμην αυτοις το ευαγγελιον ο κηρυσσω εν τοις εθνεσιν κατ ιδιαν δε τοις δοκουσιν μηπως εις κενον τρεχω η εδραμον
- 3 Enben, Tit ki te avè m' lan, se moun peyi Lagrès li ye: yo pa t' egzije l' sikonsi,
But not even Titus who was with me, being a Greek, was made to undergo circumcision:
αλλ ουδε τιτος ο συν εμοι ελλην ων ηναγκασθη περιτμηθηναι
- 4 atout kèk swadizan frè ki te fofile kò yo nan mitan nou te vle yo sikonsi li. Moun sa yo te glise kò yo nan mitan nou tankou espion k'ap veye libète nou gen nan Jezi Kris la. Yo te vle fè nou tounen esklav ankò.
And that because of the false brothers let in secretly, who came searching out our free condition which we have in Christ Jesus, so that they might make servants of us;
δια δε τους παρεισακτους ψευδαδελφους οιτινες παρεισηλθον κατασκοπησαι την ελευθεριαν ημων ην εχομεν εν χριστω ιησου ινα ημας καταδουλωσωνται
- 5 Nou pa janm ba yo pye sou nou pou n' te ka defann verite ki nan bon nouvèl la pou nou menm, moun Galasi.
To whom we gave way not even for an hour; so that the true words of the good news might still be with you.
οις ουδε προς ωραν ειξαμεν τη υποταγη ινα η αληθεια του ευαγγελιου διαμεινη προς υμας
- 6 Moun ki te pase pou chèf yo, mwen pa bezwen konnen sa yo te ye vre, paske Bondye pa gade sou figi moun-wi, moun ki te pase pou chèf yo, yo pa t' fè m' okenn lòt egzijans.
But from those who seemed to be important (whatever they were has no weight with me: God does not take man's person into account): those who seemed to be important gave nothing new to me;
απο δε των δοκουντων εινα τι οποιοι ποτε ησαν ουδεν μοι διαφερει προσωπον θεος ανθρωπου ου λαμβανει εμοι γαρ οι δοκουντες ουδεν προσανεθεντο
- 7 Okontrè, yo wè Bondye te renmèt mwen travay anonse bon nouvèl la bay moun ki pa jwif yo, menm jan li te renmèt Pyè travay anonse l' bay jwif yo.
But, quite the opposite, when they saw that I had been made responsible for preaching the good news to those without circumcision, even as Peter had been for those of the circumcision
αλλα τουναντιον ιδοντες οτι πεπιστευμαι το ευαγγελιον της ακροβυστιας καθως πετρος της περιτομης
- 8 Paske, Bondye ki te mete Pyè apa pou sèvi apòt pou jwif yo, se li menm ki te mete m' apa tou pou m' te ka sèvi apòt pou moun ki pa jwif yo.
(Because he who was working in Peter as the Apostle of the circumcision was working no less in me among the Gentiles);
ο γαρ ενεργησας πετρω εις αποστολην της περιτομης ενηργησεν και εμοι εις τα εθνη

- 9 Lè sa a, Jak, Pyè ak Jan ki te pase pou chèf nan legliz la, yo te rekonèt se Bondye ki te ban m' travay sa a, yo bay Banabas ak mwen lanmen tankou asosye. Nou tonbe dakò pou Banabas ak mwen al travay nan mitan moun ki pa jwif yo, pou yo menm y' al travay ak jwif yo.
 When they saw the grace which was given to me, James and Cephas and John, who had the name of being pillars, gave to me and Barnabas their right hands as friends so that we might go to the Gentiles, and they to the circumcision;
 και γροντες την χαριν την δοθεισαν μοι ιακωβος και κηφας και ιωαννης οι δοκουντες στυλοι ειναι δεξιας εδωκαν εμοι και βαρναβα κοινωνιας ινα ημεις εις τα εθνη αυτοι δε εις την περιτομην
- 10 Yon sèl bagay yo te mande nou: se pou n' te toujou chonje pòn ki nan legliz yo. Nou pa t' janm manke fè sa.
 Only it was their desire that we would give thought to the poor; which very thing I had much in mind to do.
 μονον των πτωχων ινα μνημονευομεν ο και εσπουδασα αυτο τουτο ποιησαι
- 11 ¶ Men, lè Pyè te vini lavil Antiòch, mwen te fè yon bout ak li devan tout moun, paske sa l' te fè a pa t' bon.
 But when Cephas came to Antioch, I made a protest against him to his face, because he was clearly in the wrong.
 οτε δε ηλθεν πετρος εις αντιοχειαν κατα προσωπον αυτω αντεστην οτι κατεγνωσμενος ην
- 12 Lè l' te fèk rive, li t'ap manje byen pwòp ak frè ki pa jwif yo. Men, lè moun Jak te voye yo vin rive, li mete kò l' sou kote, li refize manje ak frè ki pa jwif yo, paske li te pè patizan moun sikonsi yo.
 For before certain men came from James, he did take food with the Gentiles: but when they came, he went back and made himself separate, fearing those who were of the circumcision.
 προ του γαρ ελθειν τινας απο ιακωβου μετα των εθνων συνησθιεν οτε δε ηλθον υπεστελλεν και αφωριζεν εαυτον φοβουμενος τους εκ περιτομης
- 13 Lòt frè jwif yo te kòmanse fè menm jan ak li. Ata Banabas te pran tou. Li t'ap swiv yo nan ipokrizi sa a.
 And the rest of the Jews went after him, so that even Barnabas was overcome by their false ways.
 και συνυπεκριθησαν αυτω και οι λοιποι ιουδαιοι ωστε και βαρναβας συναπηχθη αυτων τη υποκρισει
- 14 Lè m' wè yo pa t'ap mache dwat dapre verite ki nan bon nouvel la, mwen di Pyè devan tout moun: Ou menm ki jwif, ou pa t' viv isit la tankou jwif, men tankou moun ki pa jwif. Poukisa jòdi a w'ap fòse frè ki pa jwif yo pou yo viv tankou jwif?
 But when I saw that they were not living uprightly in agreement with the true words of the good news, I said to Cephas before them all, If you, being a Jew, are living like the Gentiles, and not like the Jews, how will you make the Gentiles do the same as the Jews?
 αλλ οτε ειδον οτι ουκ ορθοδοουσιν προς την αληθειαν του ευαγγελιου ειπον τω πετρω εμπροσθεν παντων ει συ ιουδαιος υπαρχων εθνικως ζης και ουκ ιουδαιικως τι τα εθνη αναγκαζεις ιουδαιζειν
- 15 Nou menm, nou se jwif natif natal, nou pa soti nan ras moun lòt nasyon yo k'ap plede fè peche.
 We being Jews by birth, and not sinners of the Gentiles,
 ημεις φυσει ιουδαιοι και ουκ εξ εθνων αμαρτωλοι
- 16 Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tou sa lalwa jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se lè li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fè l' gras. Se poutèt sa, nou menm tou, nou te mete konfyans nou nan Jezikri. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo mande kifè Bondye fè nou gras, men se paske nou te mete konfyans nou nan li. Bondye p'ap fè pesonn gras paske li fè sa lalwa mande.
 Being conscious that a man does not get righteousness by the works of the law, but through faith in Jesus Christ, we had faith in Christ Jesus, so that we might get righteousness by faith in Christ, and not by the works of the law: because by the works of the law will no flesh get righteousness.
 ειδοτες οτι ου δικαιουται ανθρωπος εξ εργων νομου εαν μη δια πιστεως ιησου χριστου και ημεις εις χριστον ιησουν επιστευσαμεν ινα δικαιωθωμεν εκ πιστεως χριστου και ουκ εξ εργων νομου διοτι ο υ δικαιωθησεται εξ εργων νομου πασα σαρξ
- 17 Men, si antan m'ap chache pou Bondye fè m' gras gremesi Kris la, moun wè m'ap fè peche menm jan ak moun lòt nasyon yo, èske sa vle di se nan avantaj peche a Kris la ap travay? Non, yo pa ka di sa.
 But if, while we were desiring to get righteousness through Christ, we ourselves were seen to be sinners, is Christ a servant of sin? In no way!
 ει δε ζητουντες δικαιωθηναι εν χριστω ευρεθημεν και αυτοι αμαρτωλοι αρα χριστος αμαρτιας διακονος μη γενοιτο
- 18 Paske, si m'ap rebati sa m' te kraze a, mwen tou moutre se dezobeyi m'ap dezobeyi lalwa.
 For if I put up again those things which I gave to destruction, I am seen to be a wrongdoer.
 ει γαρ α κατελυσα ταυτα παλιν οικοδομω παραβατην εμαυτον συνιστημι
- 19 Annegad lalwa, mwen se yon moun ki mouri, epi se lalwa a menm ki touye m' pou m' ka viv pou Bondye. Mwen mouri kloure ansanm ak Kris la sou kwa a.
 For I, through the law, have become dead to the law, so that I might be living to God.
 εγω γαρ δια νομου νομο απεθανον ινα θεω ζησω

- 20 Se sak fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen: lavi m'ap mennen nan kò m' koulye a, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m' sitèlman li te rive bay lavi l' pou mwen.
I have been put to death on the cross with Christ; still I am living; no longer I, but Christ is living in me; and that life which I now am living in the flesh I am living by faith, the faith of the Son of God, who in love for me, gave himself up for me.
χριστω συνεσταυρωμαι ζω δε ουκετι εγω ζη δε εν εμοι χριστος ο δε νυν ζω εν σαρκι εν πιστει ζω τη του υιου του θεου του αγαπησαντος με και παραδοντος εαυτον υπερ εμου
- 21 Mwen pa voye favè Bondye fè m' lan jete. Paske, si lalwa ka fè Bondye fè yon moun gras, enben, Kris la mouri pou gremesi.
I do not make the grace of God of no effect: because if righteousness is through the law, then Christ was put to death for nothing.
ουκ αθετω την χαριν του θεου ει γαρ δια νομου δικαιοσυνη αρα χριστος δωρεαν απεθανεν
- 1 ¶ Nou menm moun peyi Galasi, ala sòt nou sòt! Kilès nou kite pran tèt nou konsa, nou menm ki te konnen tout ti detay sou jan Kris la te mouri sou kwa a?
O foolish Galatians, by what strange powers have you been tricked, to whom it was made clear that Jesus Christ was put to death on the cross?
ω ανοητοι γαλαται τις υμας εβασκανεν τη αληθεια μη πειθεσθαι οις κατ οφθαλμους ιησους χριστος προεγραφη εν υμιν εσταυρωμενος
- 2 Mwen ta renmen nou reponn yon sèl ti keksyon sa a ban mwen: Eske se paske nou te fè tou sa lalwa a te mande kifè nou te resevwa Lespri Bondye a, osinon èske se paske nou te tande bon nouvèl la?
Give me an answer to this one question, Did the Spirit come to you through the works of the law, or by the hearing of faith?
τουτο μονον θελω μαθειν αφ υμων εξ εργων νομου το πνευμα ελαβετε η εξ ακοης πιστεως
- 3 Ki jan nou fè egare konsa? Nou konmanse ak pouvwa Lespri Bondye a, koulye a nou vle fini ak pwòp fòs kouraj nou?
Are you so foolish? having made a start in the Spirit, will you now be made complete in the flesh?
ουτως ανοητοι εστε εναρξαμενοι πνευματι νυν σαρκι επιτελεισθε
- 4 Eske se pou gremesi nou te fè esperyans sa yo? Non, se pa vre, se pa ka pou gremesi.
Did you undergo such a number of things to no purpose? if it is in fact to no purpose.
τοσαυτα επαθετε εικη ειγε και εικη
- 5 Lè Bondye ban nou Lespri l', lè li fè mirak sa yo nan mitan nou, èske li fè sa paske nou fè sa lalwa mande, osinon paske nou mete konfyans nou nan li lè nou tande bon nouvèl la?
He who gives you the Spirit, and does works of power among you, is it by the works of law, or by the hearing of faith?
ο ουν επιχορηγων υμιν το πνευμα και ενεργων δυναμεις εν υμιν εξ εργων νομου η εξ ακοης πιστεως
- 6 ¶ Men sa ki ekri nan Liv la menm: Abraram te mete konfyans li nan Bondye. Se poutèt sa Bondye te fè l' gras.
Even as Abraham had faith in God, and it was put to his account as righteousness.
καθως αβρααμ επιστευσεν τω θεω και ελογισθη αυτω εις δικαιοσυνην
- 7 Konsa, se pou nou konprann sa byen: Moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yo menm ki pitit Abraram.
Be certain, then, that those who are of faith, the same are sons of Abraham.
γινωσκετε αρα οτι οι εκ πιστεως ουτοι εισιν υιοι αβρααμ
- 8 Moun ki te ekri nan Liv la te wè davans Bondye t'ap fè moun ki pa jwif yo gras tou poutèt konfyans yo ta gen nan li. Se konsa li bay Abraram bon nouvèl sa a davans tou: Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon.
And the holy Writings, seeing before the event that God would give the Gentiles righteousness by faith, gave the good news before to Abraham, saying, In you will all the nations have a blessing.
προιδουσα δε η γραφη οτι εκ πιστεως δικαιοι τα εθνη ο θεος προεηγγελισατο τω αβρααμ οτι ενευλογηθησονται εν σοι παντα τα εθνη
- 9 Se paske Abraram te mete konfyans li nan Bondye kifè Bondye te beni li. Konsa, tout moun ki mete konfyans yo nan Bondye va resevwa benediksyon Bondye a ansanm ak Abraram.
So then those who are of faith have a part in the blessing of Abraham who was full of faith.
ωστε οι εκ πιστεως ευλογουνται συν τω πιστω αβρααμ
- 10 Moun ki mete nan lide yo lalwa a ka sove yo, yo anba madichon. Men sa ki ekri nan Liv la: Madichon pou tout moun ki pa fè tou sa ki ekri nan Liv lalwa a tout tan.
For all who are of the works of the law are under a curse: because it is said in the Writings, A curse is on everyone who does not keep on doing all the things which are ordered in the book of the law.
οσοι γαρ εξ εργων νομου εισιν υπο καταραν εισιν γεγραπται γαρ επικαταρατος πας ος ουκ εμμενει εν πασιν τοις γεγραμμενοις εν τω βιβλιω του νομου του ποιησαι αυτα
- 11 Lalwa pa kapab fè Bondye fè pesonn gras. Se bagay ki klè. Men sa ki ekri nan Liv la: Moun Bondye fè gras paske yo gen konfyans nan li, se yo menm ki va gen lavi.
Now that no man gets righteousness by the law in the eyes of God, is clear; because, The upright will be living by faith.
οτι δε εν νομω ουδεις δικαιουται παρα τω θεω δηλον οτι ο δικαιος εκ πιστεως ζησεται

- 12 Lalwa pa gen anyen pou l' wè ak lafwa. Okontrè, men sa ki ekri nan Liv la: Moun k'ap fè tou sa lalwa mande a va jwenn lavi ladan l'.
And the law is not of faith; but, He who does them will have life by them.
ο δε νομος ουκ εστιν εκ πιστεως αλλ ο ποιησας αυτα ανθρωπος ζησεται εν αυτοις
- 13 Kris la delivre nou anba madichon lalwa lè li te pran madichon an nan plas nou. Se konsa sa te ekri nan Liv la: Madichon pou moun yo pandye sou bwa a.
Christ has made us free from the curse of the law, having become a curse for us: because it is said in the Writings, A curse on everyone who is put to death by hanging on a tree:
χριστος ημας εξηγορασεν εκ της καταρας του νομου γενομενος υπερ ημων καταρα γεγραπται γαρ επικαταρατος πας ο κρεμαμενος επι ξυλου
- 14 Sa te fèt konsa pou moun ki pa jwif yo te ka rive resevwa benediksyon Bondye te pwomèt Abraram lan gremesi Jezikri, pou nou tout te ka resevwa Lespri Bondye te pwomèt la, paske nou te mete konfyans nou nan li.
So that on the Gentiles might come the blessing of Abraham in Christ Jesus; in order that we through faith might have the Spirit which God had undertaken to give.
ινα εις τα εθνη η ευλογία του αβρααμ γενηται εν χριστω ιησου ινα την επαγγελιαν του πνευματος λαβωμεν δια της πιστεως
- 15 Frè m' yo, mwen pral pran egzanp sou yon bagay ki rive chak jou: Lè yon moun fè testaman l' byen fèt, pesonn pa ka kase l', ni pesonn pa ka ajoute anyen ladan li.
Brothers, as men would say, even a man's agreement, when it has been made certain, may not be put on one side, or have additions made to it.
αδελφοι κατα ανθρωπον λεγω ομως ανθρωπου κεκυρωμενη διαθηκην ουδεις αθετει η επιδιασσειται
- 16 Enben, Bondye te fè pwomès sa yo pou Abraram ak pitit pitit li a. Yo pa t' ekri: ak pitit pitit li yo, tankou si yo te vle pale sou anpil moun, men yo ekri: ak pitit pitit ou a. Yo t'ap pale sou yon sèl moun, moun sa a se te Kris la.
Now to Abraham were the undertakings given, and to his seed. He says not, And to seeds, as of a great number; but as of one, he says, And to your seed, which is Christ.
τω δε αβρααμ ερρηθησαν αι επαγγελιαι και τω σπερματι αυτου ου λεγει και τοις σπερμασιν ως επι πολλων αλλ ως εφ ενος και τω σπερματι σου ως εστιν χριστος
- 17 Men sa mwen vle di: Bondye te fè testaman sa a, epi li te pwomèt li t'ap kenbe li. Lalwa a menm te vini katantrant (430) an apre sa. Se sak fè, lalwa a pa kapab kase testaman sa a, ni li pa kapab fè pwomès la tonbe.
Now this I say: The law, which came four hundred and thirty years after, does not put an end to the agreement made before by God, so as to make the undertaking without effect.
τουτο δε λεγω διαθηκην προκεκυρωμενην υπο του θεου εις χριστον ο μετα ετη τετρακοσια και τριακοντα γεγονως νομος ουκ ακυροι εις το καταργησαι την επαγγελιαν
- 18 Paske, si kado Bondye bay la te chita sou lalwa Moyiz la, se pa ta yon pwomès ankò kado a ta ye. Men, Bondye te bay Abraram favè sa a paske li te pwomèt li sa.
Because if the heritage is by the law, it is no longer dependent on the word of God; but God gave it to Abraham by his word.
ει γαρ εκ νομου η κληρονομια ουκετι εξ επαγγελιας τω δε αβρααμ δι επαγγελιας κεχαρισται ο θεος
- 19 ¶ Poukisa yo te bay lalwa a menm? Yo te ajoute lalwa a pou l' te ka fè nou konnen bagay ki kont volonte Bondye. Lalwa a te fèt pou l' te la toutotan pitit pitit Abraram lan pa t' ankò vini, paske se pou li Bondye te fè pwomès la. Se zanj Bondye yo ki te bay lalwa, epi se yon nonm ki te sèvi entèmedyè.
What then is the law? It was an addition made because of sin, till the coming of the seed to whom the undertaking had been given; and it was ordered through angels by the hand of a go-between.
τι ουν ο νομος των παραβασεων χαριν προσεθεθη αχρις ου ελθη το σπερμα ω επηγγελται διαταγεις δι αγγελων εν χειρι μεσιτου
- 20 Lè yon moun pou kont li, li pa bezwen entèmedyè. Bondye pou kont li.
Now a go-between is not a go-between of one; but God is one.
ο δε μεσιτης ενος ουκ εστιν ο δε θεος εις εστιν
- 21 Eske lalwa Moyiz la kont pwomès Bondye yo? Men non. Si zanj yo te bay yon lalwa ki te kapab bay moun lavi, enben, lalwa sa a ta kapab fè Bondye fè moun gras.
Is the law then against the words of God? in no way; because if there had been a law which was able to give life, truly righteousness would have been by the law.
ο ουν νομος κατα των επαγγελιων του θεου μη γενοιτο ει γαρ εδοθη νομος ο δυναμενος ζωοποιησαι οντως αν εκ νομου ην η δικαιοσυνη
- 22 Men, Liv la di: Tout bagay anba pouvwa peche a. Konsa, moun ki gen lafwa, se yo ki va resevwa kado Bondye te pwomèt yo, paske yo te mete konfyans yo nan Jezikri.
However, the holy Writings have put all things under sin, so that that for which God gave the undertaking, based on faith in Jesus Christ, might be given to those who have such faith.
αλλα συνεκλεισεν η γραφη τα παντα υπο αμαρτιαν ινα η επαγγελια εκ πιστεως ιησου χριστου δοθη τοις πιστευουσιν
- 23 Anvan lè a te rive pou n' te ka gen konfyans, lalwa te kenbe nou prizonye anba men l', jouk tan pou Bondye te devwale kalite konfyans sa a.
But before faith came, we were kept in prison under the law, waiting for the revelation of the faith which was to come.
προ του δε ελθειν την πιστιν υπο νομον εφρουρουμεθα συγκεκλεισμενοι εις την μελλουσαν πιστιν αποκαλυφθηαι
- 24 Konsa, lalwa te tankou yon moun ki la pou veye nou, jouk lè Kris la te gen pou vini pou n' te ka kwè nan li pou Bondye te fè nou gras.
So the law has been a servant to take us to Christ, so that we might have righteousness by faith.
ωστε ο νομος παιδαγωγος ημων γεγονεν εις χριστον ινα εκ πιστεως δικαιωθωμεν

- 25 Men koulye a, lè a rive pou nou gen konfyans nan Kris la; nou pa anba men moun ki t'ap veye nou an ankò.
But now that faith is come, we are no longer under a servant.
 ελθουσης δε της πιστεως ουκετι υπο παιδαγωγον εσμεν
- 26 Se paske nou gen konfyans nan Jezikri kifè nou se pitit Bondye.
Because you are all sons of God through faith in Christ Jesus.
 παντες γαρ υιοι θεου εστε δια της πιστεως εν χριστω ιησου
- 27 Nou tout, nou te resevwa batèm pou n' te ka viv ansanm ak Kris la, nou mete sou nou kalite ki nan Kris yo.
For all those of you who were given baptism into Christ did put on Christ.
 οσοι γαρ εις χριστον εβαπτισθητε χριστον ενεδυσασθε
- 28 Koulye a pa gen diferans ant moun ki jwif ak moun ki pa jwif, pa gen diferans ant moun ki esklav ak moun ki pa esklav, ant fanm ak gason. Nou tout nou fè yonn nan Jezikri.
There is no Jew or Greek, servant or free, male or female: because you are all one in Jesus Christ.
 ουκ ενι ιουδαιος ουδε ελλην ουκ ενι δουλος ουδε ελευθερος ουκ ενι αρσεν και θηλυ παντες γαρ υμεις εις εστε εν χριστω ιησου
- 29 Si ou se moun Kris la, enben ou se pitit pitit Abraram. Ou gen pou resevwa eritaj Bondye te pwomèt la.
And if you are Christ's, then you are Abraham's seed, and yours is the heritage by the right of God's undertaking given to Abraham.
 ει δε υμεις χριστου αρα του αβρααμ σπερμα εστε και κατ επαγγελιαν κληρονομοι
- 1 ¶ Enben! Men sa m' vle di: Pitit ki pou resevwa byen papa li a, toutotan li piti toujou, y'ap trete l' menm jan yo trete yon esklav, atout se li menm ki mèt tout bagay.
But I say that as long as the son is a child, he is in no way different from a servant, though he is lord of all;
 λεγω δε εφ οσον χρονον ο κληρονομος νηπιος εστιν ουδεν διαφερει δουλου κυριος παντων ων
- 2 Toutotan li timoun toujou, li sou lòd moun k'ap okipe l' la, moun k'ap regle zafè l' pou li a, jouk lè papa a te fikse a rive.
But is under keepers and managers till the time fixed by the father.
 αλλα υπο επιτροπους εστιν και οικονομους αχρι της προθεσμιας του πατρος
- 3 Nou menm tou, toutotan nou te tankou timoun, nou te esklav tout lide ki t'ap mennen lèzòm nan lemond.
So we, when we were young, were kept under the first rules of the world;
 ουτως και ημεις οτε ημεν νηπιοι υπο τα στοιχεια του κοσμου ημεν δεδουλωμενοι
- 4 Men, lè lè a rive, Bondye te voye pwòp pitit li. Li soti nan vant yon fanm, li viv anba lalwa jwif yo,
But when the time had come, God sent out his Son, made of a woman, made under the law,
 οτε δε ηλθεν το πληρωμα του χρονου εξαπεστειλεν ο θεος τον υιον αυτου γενομενον εκ γυναικος γενομενον υπο νομον
- 5 pou l' te ka delivre tout moun ki te anba lalwa pou n' te kapab vin pitit Bondye.
That he might make them free who were under the law, and that we might be given the place of sons.
 ινα τους υπο νομον εξαγοραση ινα την υιοθεσιαν απολαβωμεν
- 6 Pou fè nou wè nou se pitit li tout bon, Bondye te voye Lespri Pitit li a k'ap rele: Papa, nan kè nou.
And because you are sons, God has sent out the Spirit of his Son into our hearts, saying, Abba, Father.
 οτι δε εστε υιοι εξαπεστειλεν ο θεος το πνευμα του υιου αυτου εις τας καρδιας υμων κραζον αββα ο πατηρ
- 7 Konsa, ou pa esklav ankò, ou se yon pitit. Si ou se yon pitit Bondye, Bondye va ba ou tout byen li sere pou pitit li yo.
So that you are no longer a servant, but a son; and if a son, then the heritage of God is yours.
 ωστε ουκετι ει δουλος αλλ υιος ει δε υιος και κληρονομος θεου δια χριστου
- 8 ¶ Nan tan lontan, nou pa t' konnen Bondye, nou te esklav yon bann bondye ki pa t' Bondye.
But at that time, having no knowledge of God, you were servants to those who by right are no gods:
 αλλα τοτε μεν ουκ ειδοτες θεον εδουλευσατε τοις μη φυσει ουσιν θεοις
- 9 Men, koulye a nou rive konn Bondye, ou pito koulye a Bondye konnen nou, kouman nou fè vle tounen al jwenn ti lespri sa yo ki tou fèb, tou mizerab? Ki jan pou nou vle tounen esklav yo ankò?
But now that you have come to have knowledge of God, or more truly, God has knowledge of you, how is it that you go back again to the poor and feeble first things, desiring to be servants to them again?
 νυν δε γνωντες θεον μαλλον δε γνωσθεντες υπο θεου πως επιστρεφετε παλιν επι τα ασθηνη και πτωχα στοιχεια οις παλιν ανωθεν δουλευειν θελετε

- 10 **Ki jan fè gen jou, gen mwa, gen sezon, gen lanne ki gen pi konsekan pou nou pase lòt?**
You keep days, and months, and fixed times, and years.
 ημερας παρατηρεισθε και μηνας και καιρους και ενιαυτους
- 11 **Mwen pè pou nou anpil. Gen lè mwen te travay mal nan mitan nou? Se sa m'ap mande mwen.**
I am in fear of you, that I may have been working for you to no purpose.
 φοβουμαι υμας μηπως εικη κεκοπιακα εις υμας
- 12 **¶ Frè m' yo, tanpri souple. Se pou nou vin tankou m', menm jan mwen menm tou mwen te vini tankou nou. Nou pa janm fè m' okenn tò.**
My desire for you, brothers, is that you may be as I am, because I am as you are. You have done me no wrong;
 γινεσθε ωσ εγω οτι καγω ωσ υμεις αδελφοι δεομαι υμων ουδεν με ηδικησατε
- 13 **Nou chonje kisa ki te fè m' anonse nou bon nouvèl la pou premye fwa a? Se paske m' te malad.**
But you have knowledge that with a feeble body I was preaching the good news to you the first time;
 οιδατε δε οτι δι ασθενειαν της σαρκος ευηγγελισαμην υμιν το προτερον
- 14 **Lè sa a, malgre maladi m' lan ta ka yon eprèv pou nou, nou pa t' meprize m', ni nou pa t' repouse mwen. Okontrè, nou te resevwa m' tankou si m' te yon zanj Bondye, tankou si se Jezikri menm m' te ye.**
And you did not have a poor opinion of me because of the trouble in my flesh, or put shame on it; but you took me to your hearts as an angel of God, even as Christ Jesus.
 και τον πειρασμον μου τον εν τη σαρκι μου ουκ εξουθενησατε ουδε εξεπτυσατε αλλ ωσ αγγελον θεου εδεξασθε με ωσ χριστον ιησουν
- 15 **Lè sa a, nou pa t' manke kontan! Kisa ki rive nou konsa? Mwen ka di sa pou nou: si nou te gen pou n' te rache je nou ban mwen, nou ta fè li.**
Where then is that happy condition of yours? because I give you witness, that, if possible, you would have taken out your eyes and given them to me.
 τις ουν ην ο μακαρισμος υμων μαρτυρω γαρ υμιν οτι ει δυνατον τους οφθαλμους υμων εξορυξαντες αν εδωκατε μοι
- 16 **Men koulye a, èske mwen tounen yon lènmi pou nou paske m'ap di nou laverite?**
So then am I no longer your friend, because I give you true words?
 ωστε εχθρος υμων γεγωνα αληθευων υμιν
- 17 **¶ Lòt moun sa yo enterese anpil nan nou, men lide yo gen dèyè tèt yo pa bon menm. Yo ta vle separe nou avè m' pou nou ka enterese nan yo ase.**
Their interest in you is not good; but their desire is that you may be shut out, so that you may go after them.
 ζηλουσιν υμας ου καλωσ αλλα εκκλεισαι υμας θελουσιν ινα αυτους ζηλουτε
- 18 **Sa bon pou nou enterese nan lòt moun tou, men fòk nou pa gen move lide nan tèt nou. Wi, se pou nou toujou enterese nan lòt moun, menm lè mwen pa nan mitan nou.**
But it is good to have an interest in a good cause at all times, and not only when I am present with you.
 καλον δε το ζηλουσθαι εν καλω παντοτε και μη μονον εν τω παρειναι με προς υμας
- 19 **¶ Pitit mwen yo, m'ap soufri anpil pou nou toujou, tankou yon manman k'ap soufri doulè tranche, m'ap soufri pou nou jouk tan Kris la va fin fòme nèt nan nou.**
My children, of whom I am again in birth-pains till Christ is formed in you,
 τεκνια μου ους παλιν ωδινω αχρις ου μορφωθη χριστος εν υμιν
- 20 **Jan m' ta renmen bò kote nou koulye a pou m' ta ka pale yon lòt jan avèk nou! Se pa ti kras pè mwen pè pou nou!**
Truly my desire is to be present with you now, using a changed voice; for I am troubled about you.
 ηθελον δε παρειναι προς υμας αρτι και αλλαξαι την φωνην μου οτι απορουμαι εν υμιν
- 21 **¶ Manyè di m', nou menm ki vle rete anba lalwa a: gen lè nou pa konprann sa lalwa a di?**
Say, you whose desire it is to be under the law, do you not give ear to the law?
 λεγετε μοι οι υπο νομον θελοντες ειναι τον νομον ουκ ακουετε
- 22 **Li di nou konsa: Abraram te gen de pitit gason, yonn avèk fanm ki te esklav la, yon lòt avèk fanm ki pa t' esklav la.**
Because it is in the Writings, that Abraham had two sons, one by the servant-woman, and one by the free woman.
 γεγραπται γαρ οτι αβρααμ δυο υιους εσχεν ενα εκ της παιδισκης και ενα εκ της ελευθερας
- 23 **Pitit fanm ki te esklav la te fèt dapre egzijans lachè, men pitit fanm ki pa t' esklav la te fèt dapre pwomès Bondye.**
Now the son by the servant-woman has his birth after the flesh; but the son by the free woman has his birth through the undertaking of God.
 αλλ ο μεν εκ της παιδισκης κατα σαρκα γεγεννηται ο δε εκ της ελευθερας δια της επαγγελιας

- 24 Nou ka pran istwa sa a pou yon parabòl: de fanm sa yo se de kontra. Aga se kontra ki te fèt sou Mòn Sinayi a. Tout pitit li yo se esklav yo ye.
Which things have a secret sense; because these women are the two agreements; one from the mountain of Sinai, giving birth to servants, which is Hagar.
ατινα εστιν αλληγορουμενα αυται γαρ εισιν αι δυο διαθηκαι μια μεν απο ορους σινα εις δουλειαν γεννωσα ητις εστιν αγαρ
- 25 Aga se Mòn Sinayi nan peyi Arabi. Li koresponn ak lavil Jerizalèm ki la koulye a nan esklavaj ak tout pitit li yo.
Now this Hagar is the mountain Sinai in Arabia, and is the image of the Jerusalem which now is: which is a servant with her children.
το γαρ αγαρ σινα ορος εστιν εν τη αραβια συστοιχει δε τη νυν ιερουσαλημ δουλευει δε μετα των τεκνων αυτης
- 26 Men, Jerizalèm ki nan syèl la, li lib. Se li menm ki manman nou.
But the Jerusalem on high is free, which is our mother.
η δε ανω ιερουσαλημ ελευθερα εστιν ητις εστιν μητηρ παντων ημων
- 27 Men sa ki ekri nan Liv la: Fè kè ou kontan, ou menm fanm ki pa t' ka fè pitit! Rele! Fè tout moun konnen jan ou kontan, ou menm ki pa t' janm konnen doulè tranche! Paske, fanm gason pa t' okipe a ap gen plis pitit pase fanm ki gen mari.
For it is in the Writings, You who have never given birth, be glad; give cries of joy, you who have had no birth-pains; for the children of her who has been given up by her husband are more than those of the woman who has a husband.
γεγραπται γαρ ευφρανθητι στειρα η ου τικτουσα ρηξον και βοησον η ουκ ωδινουσα οτι πολλα τα τεκνα της ερημου μαλλον η της εχουσης τον ανδρα
- 28 Koulye a, frè m' yo, nou tankou Izarak: nou se pitit Bondye jan l' te pwomèt la.
Now we, brothers, as Isaac was, are the children of the undertaking of God.
ημεις δε αδελφοι κατα ισαακ επαγγελιας τεκνα εσμεν
- 29 Nan tan Abraram, pitit ki te fèt dapre egzijans lachè a t'ap pèsekite pitit ki te fèt dapre Lespri Bondye a. Se konsa sa ye koulye a tou.
But as in those days he who had birth after the flesh was cruel to him who had birth after the Spirit, even so it is now.
αλλ ωσπερ τοτε ο κατα σαρκα γεννηθεις εδιωκεν τον κατα πνευμα ουτως και νυν
- 30 Men, kisa ki ekri nan Liv la? Liv la di: Mete esklav la deyò ansanm ak tout pitit li a. Paske pitit esklav la pa gen dwa eritye nan byen papa a ansanm avèk pitit fanm ki pa t' esklav la.
What then do the Writings say? Send away the servant-woman and her son; for the son of the servant-woman will not have a part in the heritage with the son of the free woman.
αλλα τι λεγει η γραφη εκβαλε την παιδικην και τον υιον αυτης ου γαρ μη κληρονομηει ο υιος της παιδικης μετα του υιου της ελευθερας
- 31 Konsa, frè m' yo, nou pa pitit esklav la, nou se pitit fanm ki pa t' esklav la.
So, brothers, we are not children of the servant-woman, but of the free woman.
αρα αδελφοι ουκ εσμεν παιδικης τεκνα αλλα της ελευθερας
- 1 ¶ Se pou n' te ka lib tout bon kifè Kris la te delivre nou. Se poutèt sa, ann rete fèm nan libète sa a. Veye kò nou pou n' pa tounen esklav ankò.
Christ has truly made us free: then keep your free condition and let no man put a yoke on you again.
τη ελευθερια ουν η χριστος ημας ηλευθερωσεν στηκετε και μη παλιν ζυγω δουλειας ενεχεσθε
- 2 Tande byen. Men sa mwen menm Pòl m'ap di nou: Si nou kite yo sikonsi nou, sa vle di Kris la pa sèvi nou anyen.
See, I Paul say to you, that if you undergo circumcision, Christ will be of no use to you.
ιδε εγω παυλος λεγω υμιν οτι εαν περιτεμνησθε χριστος υμας ουδεν ωφελησει
- 3 M'ap repete sa m' te di deja pou tout moun ki kite yo sikonsi yo: si yo fè sa, y'ap blije fè tou sa lalwa Moyiz la mande.
Yes, I give witness again to every man who undergoes circumcision, that he will have to keep all the law.
μαρτυρομαι δε παλιν παντι ανθρωπω περιτεμνομενω οτι οφειλετης εστιν ολον τον νομον ποιησαι
- 4 Moun ki kwè Bondye ap fè yo gras paske yo fè sa lalwa a mande, yo vire do bay Kris la. Yo pèdi favè Bondye a.
You are cut off from Christ, you who would have righteousness by the law; you are turned away from grace.
κατηργηθητε απο του χριστου οιτινες εν νομο δικαιουσθε της χαριτος εξεπεσατε
- 5 Pou nou menm, nou gen espwa Bondye va fè nou gras paske nou gen konfyans nan li. Se sa menm n'ap tann, gremesi pouvwa Lespri Bondye a k'ap travay nan nou.
For we through the Spirit by faith are waiting for the hope of righteousness.
ημεις γαρ πνευματι εκ πιστεως ελπιδα δικαιοσυνης απεκδεχομεθα

- 6 Paske, lè n'ap viv ansanm ak Kris la, kit nou sikonsi, kit nou pa sikonsi, sa pa fè anyen. Sa ki konsekan an se pou nou gen konfyans nan Bondye, yon konfyans k'ap fè nou viv ak renmen nan kè nou.
Because in Christ Jesus, having circumcision or not having circumcision are equally of no profit; but only faith working through love.
 εν γαρ χριστω ιησου ουτε περιτομη τι ισχυει ουτε ακροβυστια αλλα πιστις δι αγαπης ενεργουμενη
- 7 Nou te konmanse byen pwòp. Ki moun ki rete nou sou kous nou, k'ap anpeche nou obeyi verite a?
You were going on well; who was the cause of your not giving ear to what is true?
 ετρεχετε καλωσ τις υμας ανεκοψεν τη αληθεια μη πειθεσθαι
- 8 Bagay yo te di pou yo te ka pran tèt nou, se pa bagay ki soti nan Bondye k'ap rele nou an.
This ready belief did not come from him who had made you his.
 η πεισμονη ουκ εκ του καλουντος υμας
- 9 Pa bliye pawòl la: Se ti kal ledven ki fè tout pa t' la leve.
A little leaven makes a change in all the mass.
 μικρα ζυμη ολον το φυραμα ζυμοι
- 10 Men, Seyè a fè m' gen konfyans nan nou, li ban m' lasirans nou p'ap fè lòt lide, n'ap dakò avè mwen. Men, kanta moun k'ap boulvèse nou an, li te mèt sa l' te ye, Bondye gen pou peni li.
I am certain about you in the Lord, that you will be of no other mind; but he who is troubling you will have his punishment, whoever he is.
 εγω πεποιθα εις υμας εν κυριω οτι ουδεν αλλο φρονησετε ο δε ταρασσον υμας βαστασει το κριμα οστις αν η
- 11 Pou mwen menm, frè m' yo, si m' t'ap mande pou moun sikonsi toujou, poukisa y'ap pèsekite m' jouk koulye a? Epitou, nan ka sa a, mesaj m'ap bay lè m'ap anonse Kris la ki mouri sou kwa a pa ta bay pesonn okazyon bite.
But I, brothers, if I am still preaching circumcision, why am I still attacked? then has the shame of the cross been taken away.
 εγω δε αδελφοι ει περιτομην ει κηρυσσω τι ειτι διοκομαι αρα κατηγορηται το σκανδαλον του σταυρου
- 12 Kanta moun k'ap boulvèse nou konsa sou keksyon sikonsizyon an, yo ta mèt tou fè chatre yo fin ak sa.
My desire is that they who give you trouble might even be cut off themselves.
 οφελον και αποκοψονται οι αναστατουντες υμας
- 13 ¶ Kanta nou menm, frè m' yo, Bondye te rele nou pou n' te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzijans lachè. Okontrè, se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt.
Because you, brothers, were marked out to be free; only do not make use of your free condition to give the flesh its chance, but through love be servants one to another.
 υμεις γαρ επ ελευθερια εκληθητε αδελφοι μονον μη την ελευθεριαν εις αφορμην τη σαρκι αλλα δια της αγαπης δουλευετε αλληλοις
- 14 Paske tou sa lalwa mande nou, nou jwenn yo nan kòmandman sa a: Se pou ou renmen frè parèy ou, menm jan ou renmen tèt pa ou.
For all the law is made complete in one word, even in this, Have love for your neighbour as for yourself.
 ο γαρ πας νομος εν ενι λογω πληρουται εν τω αγαπησεις τον πλησιον σου ως εαυτον
- 15 Men, si yonn ap mòde lòt, yonn ap devore lòt tankou bèt sovaj, atansyon pou yonn pa touye lòt tou!
But if you are given to fighting with one another, take care that you are not the cause of destruction one to another.
 ει δε αλληλους δακνετε και κατεσθιετε βλεπετε μη υπο αλληλων αναλωθητε
- 16 Se poutèt sa, men sa m'ap di nou: Kite Lespri Bondye dirije lavi nou. Pa obeyi egzijans kò a.
But I say, Go on in the Spirit, and you will not come under the rule of the evil desires of the flesh.
 λεγω δε πνευματι περιπατειτε και επιθυμιαν σαρκος ου μη τελεσητε
- 17 Kò a gen egzijans ki pa dakò ak egzijans Lespri Bondye a. Konsa tou, Lespri Bondye a gen egzijans ki pa dakò ak egzijans kò a. Se de bagay ki pa mache ansanm menm. Se sak fè nou pa kapab fè sa nou vle.
For the flesh has desires against the Spirit, and the Spirit against the flesh; because these are opposite the one to the other; so that you may not do the things which you have a mind to do.
 η γαρ σαρξ επιθυμει κατα του πνευματος το δε πνευμα κατα της σαρκος ταυτα δε αντικειται αλληλοις ινα μη α αν θελητε ταυτα ποιητε
- 18 Men, si se Lespri Bondye a k'ap dirije lavi nou, nou pa anba lalwa ankò.
But if you are guided by the Spirit, you are not under the law.
 ει δε πνευματι αγεσθε ουκ εστε υπο νομον

- 19 Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: se imoralite, malpwòpte ak vis.
Now the works of the flesh are clear, which are these: evil desire, unclean things, wrong use of the senses,
φανερὰ δε ἐστὶν τὰ ἔργα τῆς σαρκὸς αὐτὰ ἐστὶν μοιχεία πόρνηια ἀκαθαρσία ἀσελγεία
- 20 Se sèvi zidòl, se fè maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil.
Worship of images, use of strange powers, hates, fighting, desire for what another has, angry feelings, attempts to get the better of others, divisions, false teachings,
εἰδωλολατρεία φαρμακεία ἐχθραὶ εἰρεὶς ζήλοὶ θυμοὶ ἐριθείαι διχόστασιαὶ αἵρεσεις
- 21 Yonn anvye sò lòt, yo tafyatè, yo saf konsa, ak yon bann lòt bagay ankò y'ap fè. Mwen deja di nou sa, epi m'ap repete l' ankò pou nou: moun ki fè tout bagay sa yo p'ap antre menm nan peyi kote Bondye wa a.
Envy, uncontrolled drinking and feasting, and such things: of which I give you word clearly, even as I did in the past, that they who do such things will have no part in the kingdom of God.
φθονοὶ φονοὶ μεθὰ κῶμοι καὶ τὰ ὅμοια τοῦτοις ἅ προλέγω ὑμῖν καθὼς καὶ προείπον ὅτι οἱ τὰ τοιαῦτα πράσσοντες βασιλείαν θεοῦ οὐ κληρονομήσουσιν
- 22 Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li fè ou gen bon manyè.
But the fruit of the Spirit is love, joy, peace, a quiet mind, kind acts, well-doing, faith,
ὁ δὲ καρπὸς τοῦ πνεύματος ἐστὶν ἀγάπη χάρα εἰρήνη μακροθυμία χρηστότης ἀγαθὸσυνὴ πίστις
- 23 Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwòlè kò ou. Lalwa Moyiz la pa kont okenn nan bagay sa yo.
Gentle behaviour, control over desires: against such there is no law.
πραοτῆς ἐγκρατεία κατὰ τῶν τοιούτων οὐκ ἐστὶν νόμος
- 24 Moun ki moun Jezikri, yo fè kò a mouri ansanm ak tout egzijans li yo, ak tout lanvi li yo.
And those who are Christ's have put to death on the cross the flesh with its passions and its evil desires.
οἱ δὲ τοῦ χριστοῦ τὴν σάρκα ἐσταύρωσαν σὺν τοῖς παθήμασιν καὶ ταῖς ἐπιθυμίαις
- 25 Se Lespri Bondye a ki ban nou lavi, se pou n' kite li dirije lavi nou nan tout bagay.
If we are living by the Spirit, by the Spirit let us be guided.
εἰ ζῶμεν πνεύματι πνεύματι καὶ στοιχοῦμεν
- 26 Pa kite lògèy moute nou nan tèt. Piga yonn chache lòt kont. Piga yonn rayi sò lòt.
Let us not be full of self-glory, making one another angry, having envy of one another.
μὴ γινώμεθα κενοδοξοὶ ἀλλήλους προκαλοῦμενοι ἀλλήλοις φθονοῦντες
- 1 ¶ Frè m' yo, si nou bare yon moun ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen Lespri Bondye a nan kè nou, se pou nou mete l' nan bon chemen. Men, fè sa avèk dousè. Epi nou menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe nan tantasyon tou.
Brothers, if a man is taken in any wrongdoing, you who are of the Spirit will put such a one right in a spirit of love; keeping watch on yourself, for fear that you yourself may be tested.
ἀδελφοὶ εἰάν καὶ προλήφθῃ ἀνθρώπος ἐν τινὶ παραπτώματι ὑμεῖς οἱ πνευματικοὶ καταρτίζετε τὸν τοιοῦτον ἐν πνεύματι πραοτήτος σκοποῦν μὴ καὶ σὺ πειρασθῆς
- 2 Se pou nou yonn ede lòt pote chay yo. Se konsa n'a obeyi lalwa Kris la.
Take on yourselves one another's troubles, and so keep the law of Christ.
ἀλλήλων τὰ βάρη βαστάζετε καὶ οὕτως ἀναπληρώσατε τὸν νόμον τοῦ χριστοῦ
- 3 Si yon moun ki pa anyen mete nan tèt li li kichòy, moun sa a se twonpe l'ap twonpe tèt li.
For if a man has an idea that he is something when he is nothing, he is tricked by himself.
εἰ γὰρ δοκεῖ τις εἶναι τι μὴδὲν ὦν ἑαυτὸν φρεναπατά
- 4 Chak moun dwe egzaminen jan y'ap viv la. Si yo kontan ak tèt yo, y'a kontan pou sa yo fè. Yo p'ap bezwen konpare tèt yo avèk sa lòt yo ap fè.
But let every man make test of his work, and then will his cause for glory be in himself only, and not in his neighbour.
τὸ δε ἔργον ἑαυτοῦ δοκιμάζτω ἕκαστος καὶ τότε εἰς ἑαυτὸν μόνον τὸ καυχῆμα εἴξει καὶ οὐκ εἰς τὸν ἕτερον
- 5 Paske, chak moun gen chay pa yo pou yo pote.
Because every man is responsible for his part of the work.
ἕκαστος γὰρ τὸ ἴδιον φορτίον βαστάσει

- 6 Moun k'ap resevwa bon nouvèl la fèt pou separe tout byen l' yo ak moun k'ap ba li l' la.
But let him who gets teaching in the word give a part in all good things to his teacher.
κοινωνειτω δε ο κατηχουμενος τον λογον τω κατηχουντι εν πασιν αγαθοις
- 7 Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte.
Be not tricked; God is not made sport of: for whatever seed a man puts in, that will he get back as grain.
μη πλανασθε θεος ου μκτηριζεται ο γαρ εαν σπειρη ανθρωπος τουτο και θερισει
- 8 Moun ki simen sa ki fè kò l' plezi, li gen pou l' rekòlte lanmò. Men, moun ki simen sa ki fè Lespri Bondye a plezi, Lespri a va fè l' rekòlte lavi ki p'ap janm fini an.
Because he who puts in the seed of the flesh will of the flesh get the reward of death; but he who puts in the seed of the Spirit will of the Spirit get the reward of eternal life.
οτι ο σπειρων εις την σαρκα εαυτου εκ της σαρκος θερισει φθοραν ο δε σπειρων εις το πνευμα εκ του πνευματος θερισει ζωην αιωνιον
- 9 Pa janm bouke fè byen. Paske, si nou pa dekouraje, n'a rekòlte lè lè a va rive.
And let us not get tired of well-doing; for at the right time we will get in the grain, if we do not give way to weariness.
το δε καλον ποιουντες μη εκκακωμεν καιρω γαρ ιδιω θερισομεν μη εκλυομενοι
- 10 Se sak fè, toutotan nou jwenn okazyon, ann fè byen pou tout moun, sitou pou frè ak sè nou yo ki gen menm konfyans ak nou nan Bondye.
So then, as we have the chance, let us do good to all men, and specially to those who are of the family of the faith.
αρα ουν ως καιρον εχομεν εργαζωμεθα το αγαθον προς παντας μαλιστα δε προς τους οικειους της πιστεως
- 11 ¶ Gade ki gwo lèt m'ap ekri nou koulye a ak men pa m'!
See the size of the handwriting which I myself have made use of in writing to you.
ιδετε πηλικους υμιν γραμμασιν εγραψα τη εμη χειρι
- 12 Moun nou wè ki vle fè nou sikonsi yo, se moun k'ap chache pase pou bon nan je lèzòm. Y'ap fè sa paske yo pa vle pou moun pèsekite yo akòz kwa Kris la.
Those who have the desire to seem important in the flesh, put force on you to undergo circumcision; only that they may not be attacked because of the cross of Christ.
οσοι θελουσιν ευπροσωπησαι εν σαρκι ουτοι αναγκαζουσιν υμας περιτεμεσθαι μονον ινα μη τω σταυρω του χριστου διωκωνται
- 13 Paske yo menm ki sikonsi, yo pa fè tou sa lalwa mande. Men, yo vle nou sikonsi pou yo ka fè grandizè pou jan yo te fè nou asepte mak sa a nan kò nou.
Because even those who undergo circumcision do not themselves keep the law; but they would have you undergo circumcision, so that they may have glory in your flesh.
ουδε γαρ οι περιτεμνομενοι αυτοι νομον φυλασσουν αιλλα θελουσιν υμας περιτεμεσθαι ινα εν τη υμετερα σαρκι καυχησονται
- 14 Pou mwen menm, mwen p'ap vante tèt mwen pou lòt bagay pase pou kwa Kris la. Paske, gremesi kwa sa a, mwen mouri pou lemonn, lemonn mouri pou mwen.
But far be it from me to have glory in anything, but only in the cross of our Lord Jesus Christ, through which this world has come to an end on the cross for me, and I for it.
εμοι δε μη γενωιτο καυχασθαι ει μη εν τω σταυρω του κυριου ημου ιησου χριστου δι ου εμοι κοσμος εσταυρωται καγω τω κοσμω
- 15 Kit ou sikonsi, kit ou pa sikonsi, se pa sa ki konte. Sa ki konte, se pou nou chanje, se pou nou tounen yon lòt moun.
For having circumcision is nothing, and not having circumcision is nothing, but only a new order of existence.
εν γαρ χριστω ιησου ουτε περιτομη τι ισχυει ουτε ακροβυστια αιλλα καινη κτισις
- 16 Pou tout moun k'ap swiv prensip sa a nan lavi yo, mwen mande Bondye pou l' ba yo kè poze, pou l' gen pitye pou yo, wi, pou yo tout ansanm ak tout pèp Bondye a.
And on all who are guided by this rule be peace and mercy, and on the Israel of God.
και οσοι τω κανονι τουτω στοιχησουσιν ειρηνη επ αυτους και ελεος και επι τον ισραηλ του θεου
- 17 Apre sa, piga pesonn ban m' traka ankò. Paske, mak m'ap pote nan kò mwen moutre se esklav Jezikri mwen ye.
From this time on let no man be a trouble to me; because my body is marked with the marks of Jesus.
του λοιπου κοπους μοι μηδεις παρεχετω εγω γαρ τα στιγματα του κυριου ιησου εν τω σωματι μου βασταζω
- 18 Frè m' yo, se pou benediksyon Jezikri, Seyè nou an, toujou la ak nou tout. Amèn.
The grace of our Lord Jesus Christ be with your spirit, brothers. So be it.
η χαρις του κυριου ημου ιησου χριστου μετα του πνευματος υμων αδελφοι αμην [προς γαλατας εγγραφη απο ρωμης]
- 1 ¶ Mwen menm, Pòl, yon moun Bondye te deside chwazi pou apòt Jezikri, m'ap ekri lèt sa a voye bay tout pèp Bondye ki nan lavi Efèz la, k'ap kenbe fèm nan lavi y'ap mennen ansanm nan Jezikri.
Paul, an Apostle of Christ Jesus by the purpose of God, to the saints who are at Ephesus, and those who have faith in Christ Jesus:
παυλος αποστολος ιησου χριστου δια θεληματος θεου τοις αγιοις τοις ουσιν εν εφεσω και πιστοις εν χριστω ιησου

- 2 Mwen mande Bondye Papa nou ansanm ak Jezikri, Seyè nou, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze.
Grace to you and peace from God our Father and the Lord Jesus Christ.
χαρις υμιν και ειρηνη απο θεου πατρος ημων και κυριου ιησου χριστου
- 3 ¶ Lwanj pou Bondye, Papa Jezikri, Seyè nou an. Se li menm ki beni nou nan lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la. Li ban nou tout kalite benediksyon pou nou ka viv dapre egzijans Lespri Bondye nan syèl la.
Praise be to the God and Father of our Lord Jesus Christ, who has given us every blessing of the Spirit in the heavens in Christ:
ευλογητος ο θεος και πατηρ του κυριου ημων ιησου χριστου ο ευλογησας ημας εν παση ευλογια πνευματικη εν τοις επουρανιοις χριστω
- 4 Byen lontan anvan Bondye te kreye lemonn, li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou li, pou n' te san repwòch devan li. Nan renmen li renmen nou an,
Even as he made selection of us in him from the first, so that we might be holy and free from all evil before him in love:
καθως εξελεξατο ημας εν αυτο προ καταβολης κοσμου ειναι ημας αγιους και αμωμους κατενωπιον αυτου εν αγαπη
- 5 Bondye te deside depi davans pou l' te adopte nou pou pitit li nan Jezikri, paske sa te fè l' plezi.
As we were designed before by him for the position of sons to himself, through Jesus Christ, in the good pleasure of his purpose,
προορισας ημας εις υιοθεσιαν δια ιησου χριστου εις αυτον κατα την ευδοκιαν του θεληματος αυτου
- 6 Se poutèt sa, ann toujou fè lwanj Bondye pou bèl favè sa a li fè nou kado, gremesi Pitit li renmen anpil la!
To the praise of the glory of his grace, which he freely gave to us in the Loved One:
εις επαινον δοξης της χαριτος αυτου εν η εχαριτωσεν ημας εν τω ηγαπημενω
- 7 Gremesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil.
In whom we have salvation through his blood, the forgiveness of our sins, through the wealth of his grace,
εν ω εχομεν την απολυτρωσιν δια του αιματος αυτου την αφεσιν των παραπτωματος κατα τον πλουτον της χαριτος αυτου
- 8 Li ban nou favè l' an kantite, li ban nou tout kalite konprann ak konsepsans.
Which he gave us in full measure in all wisdom and care;
ης επερισσευσεν εις ημας εν παση σοφια και φρονησει
- 9 Li fè nou konnen plan travay li te kenbe sekre nan kè l', plan travay li te gen lide fè depi lontan an. Se plan sa a li vin reyalize nan Kris la.
Having made clear to us the secret of his purpose, in agreement with the design which he had in mind, to put into his hands
γνωρισας ημιν το μυστηριον του θεληματος αυτου κατα την ευδοκιαν αυτου ην προεθετο εν αυτο
- 10 Dapre plan travay Bondye a, plan ki gen pou fin reyalize nèt lè lè a va rive, Bondye ap mete tout bagay ki nan syèl la ansanm ak tout bagay ki sou latè a anba yon sèl chèf, anba Kris la.
The ordering of the times when they are complete, so that all things might come to a head in Christ, the things in heaven and the things on the earth; in him, I say,
εις οικονομιαν του πληρωματος των καιρων ανακεφαλαιωσασθαι τα παντα εν τω χριστω τα τε εν τοις ουρανοις και τα επι της γης
- 11 Bondye ap fè tout bagay rive jan l' te deside l' la ak jan l' te vle l' la. Konsa, nou menm jwif, nou se moun Bondye te chwazi depi davans dapre plan li. Lè n'ap viv ansanm nan Kris la, nou resevwa pòsyon pa nou nan byen l' yo.
In whom we have a heritage, being marked out from the first in his purpose who does all things in agreement with his designs;
εν αυτο εν ω και εκληρωθημεν προορισθεντες κατα προθεσιν του τα παντα ενεργουντος κατα την βουλην του θεληματος αυτου
- 12 Se sak fè, nou menm ki premye moun ki t'ap tann Kris la, n'ap viv yon jan ki sèvi yon lwanj pou pouwva Bondye a.
So that his glory might have praise through us who first had hope in Christ:
εις το ειναι ημας εις επαινον της δοξης αυτου τους προηλπικοτας εν τω χριστω
- 13 Konsa tou, nou menm, moun lòt nasyon yo, apre nou te fin tande mesaj laverite a, ki vle di bon nouvèl k'ap fè nou konnen jan Bondye delivre nou an, nou te mete konfyans nou nan Kris la, n'ap viv ansanm nan Kris la tou. Bondye te make nou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la.
In whom you, having been given the true word, the good news of your salvation, and through your faith in him, were given the sign of the Holy Spirit of hope,
εν ω και υμεις ακουσαντες τον λογον της αληθειας το ευαγγελιον της σωτηριας υμων εν ω και πιστευσαντες εσφραγισθητε τω πνευματι της επαγγελιας τω αγιω
- 14 Sentespri sa a, se yon avalwa Bondye ban nou sou eritaj li te pwòmèt li t'ap bay pèp li a. Sa ban nou garanti Bondye gen pou fin delivre moun pa l' yo nèt. Se sak fè, nou menm tou, moun lòt nasyon yo, n'ap sèvi yon lwanj pou pouwva Bondye a tou.
Which is the first-fruit of our heritage, till God gets back that which is his, to the praise of his glory.
ος εστιν αρραβων της κληρονομιας ημων εις απολυτρωσιν της περιποιησεως εις επαινον της δοξης αυτου

- 15 ¶ Se poutèt tout bagay sa yo, depi mwen tande jan nou gen konfyans nan Kris la, jan nou renmen tout moun ki fè pati pèp Bondye a,
For this cause I, having had news of the faith in the Lord Jesus which is among you, and which you make clear to all the saints,
δια τουτου καγω ακουσας την καθ υμας πιστιν εν τω κυριω ιησου και την αγαπην την εις παντας τους αγιους
- 16 mwen pa janm sispann di Bondye mèsi pou nou. Mwen toujou chonje nou lè m'ap lapriyè.
Give praise without end for you, keeping you in mind in my prayers;
ου παυομαι ευχαριστων υπερ υμων μνειαν υμων ποιουμενος επι των προσευχων μου
- 17 Bondye Jezikri, Seyè nou an, fè nou konnen an, se yon papa ki gen anpil pouvwa. Mwen mande l' pou li ban nou Sentespri l' ki bay bon konprann ki moutre nou sa Bondye ap devwale nou an pou nou ka rive konnen l' byen.
That the God of our Lord Jesus Christ, the Father of glory, may give to you a spirit of wisdom and revelation in the knowledge of him;
ινα ο θεος του κυριου ημων ιησου χριστου ο πατηρ της δοξης δωη υμιν πνευμα σοφιας και αποκαλυψεως εν επιγνωσει αυτου
- 18 Mwen mande l' pou l' louvri lespri nou, pou nou ka konnen kisa n'ap tann nan men Bondye ki rele nou an, ki vle di eritaj Bondye pwòmèt l'ap bay moun ki pou li yo, yon eritaj ki rich anpil, ki bèl anpil.
And that having the eyes of your heart full of light, you may have knowledge of what is the hope of his purpose, what is the wealth of the glory of his heritage in the saints,
πεφωτισμενους τους οφθαλμους της διανοιας υμων εις το ειδειναι υμας τις εστιν η ελπις της κλησεως αυτου και τις ο πλουτος της δοξης της κληρονομιας αυτου εν τοις αγιοις
- 19 Mwen mande l' pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k'ap travay nan nou menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè,
And how unlimited is his power to us who have faith, as is seen in the working of the strength of his power,
και τι το υπερβαλλον μεγαθος της δυναμεως αυτου εις ημας τους πιστευοντας κατα την ενεργειαν του κρατους της ισχυος αυτου
- 20 lè li te fè Kris la leve soti vivan nan mitan mò yo, li fè l' chita sou bò dwat li nan syèl la.
By which he made Christ come back from the dead, and gave him a place at his right hand in heaven,
ην ενηργησεν εν τω χριστω εγειρας αυτον εκ νεκρων και εκαθισεν εν δεξια αυτου εν τοις επουρανιοις
- 21 Li mete Kris la anwo tout chèf, anwo tout otorite, tout pouvwa ak tout dominasyon. Kris la pi wo pase tout gwo non yo kapab bay moun non sèlman koulye a sou latè, men nan tan ki gen pou vini an tou.
Far over all rule and authority and power and every name which is named, not only in the present order, but in that which is to come:
υπερανω πασης αρχης και εξουσιας και δυναμεως και κυριοτητος και παντος ονοματος ονομαζομενου ου μονον εν τω αιωνι τουτω αλλα και εν τω μελλοντι
- 22 Bondye mete tout bagay anba pye Kris la, li mete l' pou l' sèl chèf legliz la.
And he has put all things under his feet, and has made him to be head over all things to the church,
και παντα υπεταξεν υπο τους ποδας αυτου και αυτον εδωκεν κεφαλην υπερ παντα τη εκκλησια
- 23 Legliz la se kò Kris la, li konplete Kris la. Kris la menm, avèk pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou.
Which is his body, the full measure of him in whom all things are made complete.
ητις εστιν το σωμα αυτου το πληρωμα του παντα εν πασιν πληρουμενου
- 1 ¶ Nou menm moun Efèz, nou te mouri poutèt mechnaste ak peche nou yo.
And to you did he give life, when you were dead through your wrongdoing and sins,
και υμας οντας νεκρους τοις παραπτωμασιν και ταις αμαρτιας
- 2 Se nan bagay sa yo nou t'ap viv nan tan lontan. Nou t'ap swiv move kouran ki nan lemond, nou t'ap fè volonte chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri k'ap travay koulye a nan moun k'ap dezobeyi Bondye yo.
In which you were living in the past, after the ways of this present world, doing the pleasure of the lord of the power of the air, the spirit who is now working in those who go against the purpose of God;
εν αις ποτε περιεπατησατε κατα τον αιωνα του κοσμου τουτου κατα τον αρχοντα της εξουσιας του αερος του πνευματος του νυν ενεργουντος εν τοις υιοις της απειθειας
- 3 Lè sa a, nou menm jwif yo, nou te menm jan ak yo. Nou t'ap mennen lavi nou dapre egzijans lachè, nou t'ap fè kapris kò nou ak tout vye lide ki te vin nan tèt nou. Konsa, nou menm jwif, jan nou te ye a, nou te kondannen pou n' te tonbe anba kolè Bondye tankou lòt yo.
Among whom we all at one time were living in the pleasures of our flesh, giving way to the desires of the flesh and of the mind, and the punishment of God was waiting for us even as for the rest.
εν οις και ημεις παντες ανεστραφημεν ποτε εν ταις επιθυμιας της σαρκος ημων ποιουντες τα θεληματα της σαρκος και των διανοιων και ημεν τεκνα φουσει οργης ως και οι λοιποι

- 4 ¶ Men, Bondye sitèlman gen kè sansib, li sitèlman renmen nou,
But God, being full of mercy, through the great love which he had for us,
ο δε θεος πλουσιος ον εν ελεει δια την πολλην αγαπην αυτου ην ηγαπησεν ημας
- 5 li ban nou lavi ankò ansanm ak Kris la, nou menm ki te mouri akòz peche nou yo. Se yon favè Bondye fè nou lè li delivre nou.
Even when we were dead through our sins, gave us life together with Christ (by grace you have salvation),
και οντας ημας νεκρους τοις παραπτωμασιν συνεζωοποιησεν τω χριστω χαριτι εστε σεσωσμενοι
- 6 Ansanm ak Kris la, Bondye fè nou leve soti nan lanmò, li fè nou chita jouk anwo nan syèl la ansanm ak li tou.
So that we came back from death with him, and are seated with him in the heavens, in Christ Jesus;
και συνηγειρεν και συνεκαθισεν εν τοις επουρανιοις εν χριστω ιησου
- 7 Li fè tou sa pou moutre pou tout tan ki gen pou vini yo jan li renmen nou anpil anpil, jan li aji byen avèk nou nan Jezikri.
That in the time to come he might make clear the full wealth of his grace in his mercy to us in Christ Jesus:
ινα ενδειξηται εν τοις αιωσιν τοις επερχομενοις τον υπερβαλλοντα πλουτον της χαριτος αυτου εν χρηστοτητι εφ ημας εν χριστω ιησου
- 8 Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou.
Because by grace you have salvation through faith; and that not of yourselves: it is given by God:
τη γαρ χαριτι εστε σεσωσμενοι δια της πιστεως και τουτο ουκ εξ υμων θεου το δωρον
- 9 Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.
Not by works, so that no man may take glory to himself.
ουκ εξ εργαων ινα μη τις καυχησηται
- 10 Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèb nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè.
For by his act we were given existence in Christ Jesus to do those good works which God before made ready for us so that we might do them.
αυτου γαρ εσμεν ποιημα κτισθεντες εν χριστω ιησου επι εργαοις αγαθοις οις προητοιμασεν ο θεος ινα εν αυτοις περιπατησωμεν
- 11 ¶ Nou menm ki pa t' fèt nan ras jwif la, jwif yo te rele nou moun ki pa sikonsi, menm jan yo te rele tèt yo moun ki sikonsi. Yo t'ap gade sou mak lèzòm fè sou kò yo ak men yo. Wi, nou menm moun lòt nasyon yo, chonje sa nou te ye nan tan lontan.
For this reason keep it in mind that in the past you, the Gentiles in the flesh, who are looked on as being outside the circumcision by those who have circumcision, in the flesh, made by hands;
διο μνημονευετε οτι υμεις ποτε τα εθνη εν σαρκι οι λεγομενοι ακροβυστια υπο της λεγομενης περιτομης εν σαρκι χειροποιητου
- 12 Lè sa a, nou t'ap viv byen lwen Kris la, nou te tankou etranje, nou pa t' fè pati pèp Bondye te chwazi pou li a. Nou pa t' nan kontra Bondye te fè ak pèp li a dapre sa l' te pwomèt la. Nou t'ap viv sou latè san okenn espwa, san Bondye.
That you were at that time without Christ, being cut off from any part in Israel's rights as a nation, having no part in God's agreement, having no hope, and without God in the world.
οτι ητε εν τω καιρω εκεινω χωρις χριστου απηλλοτριωμενοι της πολιτειας του ισραηλ και ξενοι των διαθηκων της επαγγελιας ελπιδα μη εχοντες και αθειοι εν τω κοσμο
- 13 Men koulye a, nan Jezikri, nou menm ki yon lè t'ap viv lwen Bondye, nou vin toupre l', gremesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou an.
But now in Christ Jesus you who at one time were far off are made near in the blood of Christ.
νυνι δε εν χριστω ιησου υμεις οι ποτε οντες μακραν εγγυς εγενηθητε εν τω αιματι του χριστου
- 14 ¶ Paske, se li menm k'ap fè nou byen yonn ak lòt, li fè moun lòt nasyon yo fè yon sèl pèp ansanm ak jwif yo. Avèk pwòp kò li, li kraze miray ki te separe yo epi ki te fè yo yonn lènmi lòt.
For he is our peace, who has made the two into one, and by whom the middle wall of division has been broken down,
αυτος γαρ εστιν η ειρηνη ημων ο ποιησας τα αμφοτερα εν και το μεσοτοιχον του φραγμαυ λυσας
- 15 Li aboli lalwa Moyiz la ansanm ak kòmandman l' yo ak tout regleman l' yo. Li pran de pèp sa yo, li fè yo tounen yon sèl pèp tou nouvo k'ap viv ansanm nan li. Se konsa li fè nou byen yonn ak lòt.
Having in his flesh put an end to that which made the division between us, even the law with its rules and orders, so that he might make in himself, of the two, one new man, so making peace;
την εχθραν εν τη σαρκι αυτου τον νομον των εντολων εν δογμασιν καταργησας ινα τους δυο κτιση εν εαυτω εις ενα καινον ανθρωπον ποιων ειρηνην
- 16 Avèk lanmò Kris la sou kwa a, li wete sa ki t'ap fè de pèp sa yo yonn rayi lòt, li fè yo tou de vin byen ak Bondye, li mete yo ansanm yonn ak lòt nan yon sèl kò.
And that the two might come into agreement with God in one body through the cross, so putting an end to that division.
και αποκαταλλαξη τους αμφοτερουσ εν ενι σωματι τω θεω δια του σταυρου αποκτεινας την εχθραν εν αυτω

- 17 Wi, Kris la te vini, li anonse bon nouvèl k'ap mete lapè a ni pou moun lòt nasyon yo ki te lwen Bondye, ni pou jwif yo ki te toupre Bondye.
And he came preaching peace to you who were far off, and to those who were near;
και ελθων ευηγγελισατο ειρηνην υμιν τοις μακραν και τοις εγγυς
- 18 Paske, gremesi Kris la, nou tout, kit nou jwif kit nou pa jwif, nou ka pwoche bò kot Papa a, nan pouvwa yon sèl ak menm Sentespri a.
Because through him the two of us are able to come near in one Spirit to the Father.
οτι δι αυτου εχομεν την προσαγωγην οι αμφοτεροι εν ενι πνευματι προς τον πατερα
- 19 Se sak fè, nou menm moun lòt nasyon yo, nou pa etranje ankò, ni moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak tout moun nan pèp Bondye a, nou fè pati fanmi Bondye a.
So then you are no longer as those who have no part or place in the kingdom of God, but you are numbered among the saints, and of the family of God,
αρα ουν ουκετι εστε ξενοι και παροικοι αλλα συμπολιται των αγιων και οικειοι του θεου
- 20 Nou menm moun lòt nasyon yo, nou se kay Bondye ap bati sou fondasyon apòt yo ak pwofèt yo te poze a, men se Jezikri menm ki gwo wòch ki kenbe kay la kanpe a.
Resting on the base of the Apostles and prophets, Christ Jesus himself being the chief keystone,
εποικοδομηθεντες επι τω θεμελιω των αποστολων και προφητων οντος ακρογωνιαιου αυτου ιησου χριστου
- 21 Se li menm ki kenbe tout kò kay la kanpe byen fèm, ki fè l' grandi pou l' tounen yon sèl kay yo mete apa pou Bondye.
In whom all the building, rightly joined together, comes to be a holy house of God in the Lord;
εν ω πασα η οικοδομη συναρμολογουμενη αυξει εις ναον αγιον εν κυριω
- 22 Konsa, nou menm tou avèk lavi n'ap mennen nan Kris la, nou antre nan batisman sa a pou nou fè ansanm ak lòt yo yon sèl kay kote Bondye ap viv ak pouvwa Sentespri li.
In whom you, with the rest, are united together as a living-place of God in the Spirit.
εν ω και υμεις συνοικοδομεισθε εις κατοικητηριον του θεου εν πνευματι
- 1 ¶ Se poutèt sa, mwen menm Pòl ki nan prizon poutèt Kris la pou byen nou, nou menm ki pa jwif, m'ap lapriyè pou nou devan Bondye.
For this cause I Paul, the prisoner of Christ Jesus for you Gentiles,
τουτου χαριν εγω παυλος ο δεσμιος του χριστου ιησου υπερ υμων των εθνων
- 2 Mwen kwè nou konnen deja ki jan Bondye, nan bon kè l', te ban m' travay sa a pou m' te fè pou nou.
If that ordering of the grace of God has come to your knowledge, which was given to me for you,
ειγε ηκουσατε την οικονομιαν της χαριτος του θεου της δοθεισης μοι εις υμας
- 3 Bondye devwale m' sekre travay li a, pou m' te ka konnen plan li te gen sere nan kè li. Se sou plan sa a mwen deja ekri nou kèk mo pi wo a.
How by revelation the secret was made clear to me, as I said before in a short letter,
οτι κατα αποκαλυψιν εγνωρισεν μοι το μυστηριον καθως προεγραψα εν ολιγω
- 4 Lè n'a li yo, n'a kapab gen yon lide ki jan mwen konprann sekre Kris la.
By the reading of which you will be clear about my knowledge of the secret of Christ;
προς ο δυνασθε αναγνωσκοντες νοησαι την συνεσιν μου εν τω μυστηριω του χριστου
- 5 Nan tan lontan Bondye pa t' devwale plan travay sa a bay ankenn moun sou latè, men koulye a, ak pouvwa Sentespri a, li devwale l' bay moun li mete apa pou sèvi l' apòt ak pwofèt.
Which in other generations was not given to the sons of men, but the revelation of it has now been made to his holy Apostles and prophets in the Spirit;
ο εν ετεραις γενειαις ουκ εγνωρισθη τοις υιοις των ανθρωπων ως νυν απεκαλυφθη τοις αγιοις αποστολοις αυτου και προφηταις εν πνευματι
- 6 Men sekre a: Nan Jezikri, ak pouvwa bon nouvèl la, moun ki pa jwif yo gen pou resevwa ansanm ak jwif yo pòsyon pa yo nan byen Bondye a. Yo se manm yon menm kò ansanm ak jwif yo, y'ap jwenn pa yo ansanm ak yo tou nan menm pwomès Bondye te fè a.
Which is that the Gentiles have a part in the heritage, and in the same body, and in the same hope in Christ through the good news,
ειναι τα εθνη συγκληρονομα και συσσωμα και συμμετοχα της επαγγελιας αυτου εν τω χριστω δια του ευαγγελιου
- 7 Kifè m'ap sèvi bon nouvèl sa a, se paske Bondye nan bon kè l' fè m' yon favè, li fè pouvwa li travay nan mwen.
Of which I was made a preacher, through that grace of God which was given to me in the measure of the working of his power.
ου εγενομην διακονος κατα την δωρεαν της χαριτος του θεου την δοθεισαν μοι κατα την ενεργειαν της δυναμεως αυτου

- 8 Mwen pi pitit pase moun ki pi pitit nan tout pèp Bondye a. Men atousa, se mwen menm Bondye bay privilèj sa a, pou m' fè moun lòt nasyon yo konnen bon nouvèl richès Kris la, richès moun p'ap janm fin konprann.
To me, who am less than the least of all the saints, was this grace given, so that I might make clear to the Gentiles the good news of the unending wealth of Christ:
εμοι τω ελαχιστοτερω παντων των αγιων εδοθη η χαρις αυτη εν τοις εθνεσιν ευαγγελισασθαι τον ανεξιχνιαστον πλουτον του χριστου
- 9 Li ban m' privilèj sa a pou m' fè tout moun wè akèlè ki jan plan travay Bondye te sere nan kè li a ap reyalize, paske Bondye ki kreye tout bagay te kenbe plan sa a nan kè l' depi lontan.
And make all men see what is the ordering of the secret which from the first has been kept in God who made all things;
και φωτισαι παντας τις η κοινωνια του μυστηριου του αποκεκρυμμενου απο των αιωνων εν τω θεω τω τα παντα κτισαντι δια ιησου χριστου
- 10 Men koulye a, avèk legliz la, tout chèf ak tout otorite ki nan syèl la pral rive konnen bon konprann Bondye a sou tout fòm li yo.
So that now to the rulers and the authorities in the heavens might be made clear through the church the wide-shining wisdom of God,
ινα γνωρισθη νυν ταις αρχαις και ταις εξουσιαις εν τοις επουρανιοις δια της εκκλησιας η πολυποικιλος σοφια του θεου
- 11 Bondye aji konsa dapre plan ki te la depi lontan an. Se plan sa a li reyalize nan Jezikri, Seyè nou an.
Which is seen in his eternal purpose in Christ Jesus our Lord:
κατα προθεσιν των αιωνων ην εποιησεν εν χριστω ιησου τω κυριω ημων
- 12 Ak lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la, gremesi konfyans nou gen nan li a, nou lib pou nou pwoche devan Bondye san kè sote.
By whom we come near to God without fear through faith in him.
εν ω εχομεν την παρηρησιαν και την προσαγωγην εν πεποιθησει δια της πιστεως αυτου
- 13 Se sak fè, mwen mande nou pou nou pa dekouraje poutèt soufrans m'ap sibi pou nou yo, paske se yon bèl avantaj sa ye pou nou.
For this reason it is my prayer that you may not become feeble because of my troubles for you, which are your glory.
διο αιτουμαι μη εκκακειν εν ταις θλιψεσιν μου υπερ υμων ητις εστιν δοξα υμων
- 14 ¶ Wi, se poutèt sa, mwen tonbe ajenu devan Papa a,
For this cause I go down on my knees before the Father,
τουτου χαριν καμπτω τα γονατα μου προς τον πατερα του κυριου ημων ιησου χριστου
- 15 ki bay tout fanmi ki nan syèl la ak sou latè a non yo.
From whom every family in heaven and on earth is named,
εξ ου πασα πατρια εν ουρανοις και επι γης ονομαζεται
- 16 M'ap mande Bondye pou li ban nou, dapre richès pouvwa li a, fòs ak kouraj nan kè nou, pa mwayen pouvwa Sentespri a, pou nou ka grandi nan karaktè nou,
That in the wealth of his glory he would make you strong with power through his Spirit in your hearts;
ινα δωη υμιν κατα τον πλουτον της δοξης αυτου δυναμει κραταιωθηναι δια του πνευματος αυτου εις τον εσω ανθρωπον
- 17 pou Kris la rete nan kè nou ak konfyans nou gen nan li a. M'ap mande Bondye pou nou pouse rasin, pou nou chita byen fèm nan renmen,
So that Christ may have his place in your hearts through faith; and that you, being rooted and based in love,
κατοικησαι τον χριστον δια της πιστεως εν ταις καρδιαις υμων
- 18 pou nou ka konprann, ansanm ak tout pèp Bondye a, jan renmen Kris la laj, jan li long, jan li fon, jan li wo.
May have strength to see with all the saints how wide and long and high and deep it is,
εν αγαπη ερριζωμενοι και θεμελιωμενοι ινα εξισυσητε καταλαβεσθαι συν πασιν τοις αγιοις τι το πλατος και μηκος και βαθος και υψος
- 19 Wi, mwen mande pou nou rive konnen kalite renmen Kris la gen pou nou, atout pesonn p'ap janm ka rive konnen l' nèt. Konsa, n'a vin plen nèt ak tou sa ki nan Bondye.
And to have knowledge of the love of Christ which is outside all knowledge, so that you may be made complete as God himself is complete.
γνωαι τε την υπερβαλλουσαν της γνωσεως αγαπην του χριστου ινα πληρωθητε εις παν το πληρωμα του θεου
- 20 Tout lwanj lan se pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, li kapab fè pi plis pase tou sa nou ka mande, pi plis pase tou sa nou ka mete nan lide nou.
Now to him who is able to do in full measure more than all our desires or thoughts, through the power which is working in us,
τω δε δυναμενω υπερ παντα ποιησαι υπερ εκ περισσου ων αιτουμεθα η νοουμεν κατα την δυναμιν την ενεργουμενην εν ημιν
- 21 Wi, tout lwanj lan pou Bondye nan legliz la ak nan Jezikri, pou tout tan ak pou tout tan. Amèn. Se sa menm!
To him be the glory in the church and in Christ Jesus to all generations for ever and ever. So be it.
αυτω η δοξα εν τη εκκλησια εν χριστω ιησου εις πασας τας γενεας του αιωνος των αιωνων αμην

- 1 ¶ Se sa ki fè, mwen menm ki nan prizon poutèt Seyè a, m'ap mande nou pou nou viv yon jan ki konfòm ak jan Bondye te rele nou pou n' viv la.
I then, the prisoner in the Lord, make this request from my heart, that you will see that your behaviour is a credit to the position which God's purpose has given you,
παρακαλω ουν υμας εγω ο δεσμιος εν κυριω αξιως περιπατησαι της κλησεως ης εκληθητε
- 2 ¶ Pa janm vante tèt nou. Aji avèk dousè ak pasyans ak tout moun. Se pou nou yonn sipòte lòt avèk renmen nan kè nou.
With all gentle and quiet behaviour, taking whatever comes, putting up with one another in love;
μετα πασης ταπεινοφροσυνης και πραοτητος μετα μακροθυμιας ανεχομενοι αλληλων εν αγαπη
- 3 Sentespri a mete nou ansanm. Se pou nou fè tou sa nou kapab pou nou ka toujou fè yon sèl kò, pou nou viv ak kè poze ansanm yonn ak lòt.
Taking care to keep the harmony of the Spirit in the yoke of peace.
σπουδαζοντες τηρειν την ενοτητα του πνευματος εν τω συνδεσμο της ειρηνης
- 4 Gen yon sèl kò ak yon sèl Sentespri, konsa tou se yon sèl Bondye a ki rele nou pou nou gen yon sèl espwa.
There is one body and one Spirit, even as you have been marked out by God in the one hope of his purpose for you;
εν σωμα και εν πνευμα καθως και εκληθητε εν μια ελπιδι της κλησεως υμων
- 5 Gen yon sèl Seyè, yon sèl konfyans, yon sèl batèm.
One Lord, one faith, one baptism,
εις κυριος μια πιστις εν βαπτισμα
- 6 Gen yon sèl Bondye, ki papa nou tout, k'ap dominen sou nou tout, k'ap aji nan nou tout, ki nan nou tout.
One God and Father of all, who is over all, and through all, and in all.
εις θεος και πατηρ παντων ο επι παντων και δια παντων και εν πασιν υμιν
- 7 Nou chak nou resevwa yon kado apa, dapre sa Kris la te bay la,
But to every one of us has grace been given in the measure of the giving of Christ.
ενι δε εκαστω ημων εδοθη η χαρις κατα το μετρον της δωρεας του χριστου
- 8 jan sa ekri nan Liv la: Lè li moute anwo, li mennen anpil prizonnye ak li, li bay lèzòm anpil kado.
For this reason he says, He went up on high, taking his prisoners with him, and gave freely to men.
διο λεγει αναβας εις υψος ηχηλωτευσεν αιχμαλωσιαν και εδωκεν δοματα τοις ανθρωποις
- 9 Enben, kisa sa vle di: Li moute anwo? Sa vle di, li te desann anvan sa jouk kote ki pi fon anba tè a.
(Now this, He went up, what is it but that he first went down into the lower parts of the earth?
το δε ανεβη τι εστιν ει μη οτι και κατεβη πρωτον εις τα κατωτερα μερη της γης
- 10 Moun ki te desann lan, se li menm tou ki te moute anwo nan syèl la, pou l' te kapab plen tou sa ki egziste ak presans li.
He who went down is the same who went up far over all the heavens so that he might make all things complete.)
ο καταβας αυτος εστιν και ο αναβας υπερανω παντων των ουρανων ινα πληρωση τα παντα
- 11 Se li menm ki fè lèzòm kado divès pounwa. Li bay kèk ladan yo pounwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pounwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pounwa pou anonse bon nouvèl la, li bay dèt ankò pounwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè.
And he gave some as Apostles, and some, prophets; and some, preachers of the good news; and some to give care and teaching;
και αυτος εδωκεν τους μεν αποστολους τους δε προφητας τους δε ευαγγελιστας τους δε ποιμενας και διδασκαλους
- 12 Konsa, li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans.
For the training of the saints as servants in the church, for the building up of the body of Christ:
προς τον καταρτισμον των αγιων εις εργον διακονιας εις οικοδομην του σωματος του χριστου
- 13 Li fè sa konsa pou nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa, nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman Kris la ki bon nèt.
Till we all come to the harmony of the faith, and of the knowledge of the Son of God, to full growth, to the full measure of Christ:
μεχρι κατανησωμεν οι παντες εις την ενοτητα της πιστεως και της επιγνωσεως του υιου του θεου εις ανδρα τελειον εις μετρον ηλικιας του πληρωματος του χριστου

- 14 Lè sa a, nou p'ap viv tankou timoun ankò, tankou moun k'ap chanje lide fasil, ki kite kouran nenpòt doktrin trennen yo ale, ki tankou jwèt nan men bann rize sa yo ki konn ki jan pou yo pran tèt moun nan bay manti.
So that we may be no longer children, sent this way and that, turned about by every wind of teaching, by the twisting and tricks of men, by the deceits of error;
 ινα μηκει ωμεν νηπιοι κλυδωνιζομενοι και περιφερομενοι παντι ανεμω της διδασκαλιας εν τη κυβεια των ανθρωπων εν πανουργια προς την μεθοδειαν της πλανης
- 15 Okontrè, ann pale verite a avèk renmen nan kè nou, konsa n'a ka grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a.
But saying true words in love, may come to full growth in him, who is the head, even Christ;
 αληθευοντες δε εν αγαπη αυξησωμεν εις αυτον τα παντα ος εστιν η κεφαλη ο χριστος
- 16 Gremesi Kris la, tout pati nan kò a byen òganize, yo tout byen mare yonn ak lòt nan jwenti yo. Konsa, lè chak pati fè sa yo gen pou yo fè a, tout kò a ap grandi, l'ap devlope nan renmen.
Through whom all the body, being rightly formed and united together, by the full working of every part, is increased to the building up of itself in love.
 εξ ου παν το σωμα συναρμολογουμενον και συμβιβαζομενον δια πασης αφης της επιχορηγιας κατ ενεργειαν εν μετρω ενος εκαστου μερους την αυξησιν του σωματος ποιειται εις οικοδομην εαυτου εν αγαπη
- 17 ¶ Se sa ki fè, men sa m'ap di nou, men sa m'ap deklare nou nan non Seyè a: Sispann viv tankou moun ki pa konn Bondye epi k'ap swiv lide pa yo ki pa vo anyen.
This I say, then, and give witness in the Lord, that you are to go no longer in the way of the Gentiles whose minds are turned to that which has no profit,
 τουτο ουν λεγω και μαρτυρομαι εν κυριω μηκει υμας περιπατειν καθως και τα λοιπα εθνη περιπατει εν ματαιοτητι του νοος αυτων
- 18 Lespri yo bouche, yo p'ap viv lavi Bondye bay la, paske yo pa konn anyen, kè yo fin di.
Whose thoughts are dark, to whom the life of God is strange because they are without knowledge, and their hearts have been made hard;
 εσκοτισμενοι τη διανοια οντες απηλλοτριωμενοι της ζωης του θεου δια την αγνοιαν την ουσαν εν αυτοις δια την πωρωσιν της καρδιας αυτων
- 19 Yo san wont konsa, yo lage kò yo nan tout kalite vis, yo pran plezi yo nan fè tout kalite vye bagay sal san rete.
Who having no more power of feeling, have given themselves up to evil passions, to do all unclean things with overmuch desire.
 οιτινες απηληγκοτες εαυτους παρεδωκαν τη ασελγεια εις εργασιαν ακαθαρσιας πασης εν πλεονεξια
- 20 Men nou menm, se pa konsa yo te fè nou konnen Kris la,
For this was not the teaching of Christ which was given to you;
 υμεις δε ουχ ουτως εμαθετε τον χριστον
- 21 si tout bon vre nou te tande pale sou Kris la, si tout bon vre yo te moutre nou verite a jan l' ye nan Jezi, lè nou te mete konfyans nou nan li a.
If in fact you gave ear to him, and were given teaching in him, even as what is true is made clear in Jesus:
 ειγε αυτον ηκουσατε και εν αυτω εδιδαχθητε καθως εστιν αληθεια εν τω ιησου
- 22 Se sa ki fè, se pou nou chanje vye karaktè sa a ki t'ap fè nou viv jan nou t'ap viv nan tan lontan an, vye moun sa a ki te fin pèvèti nèt ak vye dezi l' yo ki t'ap twonpe nou.
That you are to put away, in relation to your earlier way of life, the old man, which has become evil by love of deceit;
 αποθεσθαι υμας κατα την προτεραν αναστροφην τον παλαιον ανθρωπον τον φθειρομενον κατα τας επιθυμιας της απατης
- 23 Se pou nou chanje nèt ni nan kè nou ni nan lespri nou.
And be made new in the spirit of your mind,
 ανανεουσθαι δε τω πνευματι του νοος υμων
- 24 Se pou nou vin yon lòt kalite moun jan Bondye vle l' la, pou nou sanble ak li pou nou ka mennen yon lavi ki dwat, yon lavi ki apa pou Bondye, jan verite a mande l' la.
And put on the new man, to which God has given life, in righteousness and a true and holy way of living.
 και ενδυσασθαι τον καινον ανθρωπον τον κατα θεον κτισθεντα εν δικαιοσυνη και οσιοτητι της αληθειας
- 25 Se poutèt sa, sispann bay manti. Se pou nou di verite lè n'ap pale ak frè nou, paske nou tout se manm yon sèl kò nou ye.
And so, putting away false words, let everyone say what is true to his neighbour: for we are parts one of another.
 διο αποθεμενοι το ψευδος λαλειτε αληθειαν εκαστος μετα του πλησιον αυτου οτι εσμεν αλληλων μελη
- 26 Si nou ankòlè, veye kò nou pou kòlè a pa fè nou fè sa ki mal. Pa al dòmi ak kòlè nan kè nou.
Be angry without doing wrong; let not the sun go down on your wrath;
 οργιζεσθε και μη αμαρτανετε ο ηλιος μη επιδυετω επι τω παροργισμω υμων

- 27 Pa bay Satan pye sou nou.
And do not give way to the Evil One.
 μητε διδοτε τοπον τω διαβωλω
- 28 Se pou moun ki te konn vòlò sispann vòlò. Okontrè, se pou l' travay di ak men l' san fè move konbinezon, pou l' sa gen dekwa bay moun ki nan bezwen.
Let him who was a thief be so no longer, but let him do good work with his hands, so that he may have something to give to him who is in need.
 ο κλεπτων μηκετι κλεπτετω μαλλον δε κοπιατω εργαζομενος το αγαθον ταις χερσιν ινα εχη μεταδιδοναι τω χρειαν εχοντι
- 29 Pa kite ankenn move pawòl soti nan bouch nou. Pale bon koze ki ka ede lòt yo grandi nan konfyans Bondye, koze ki ka ede yo lè yo nan move pa. Konsa, se yon byen n'a fè pou moun k'ap tande nou yo.
Let no evil talk come out of your mouth, but only what is good for giving necessary teaching, and for grace to those who give ear.
 πας λογος σαπρος εκ του στοματος υμων μη εκπορευεσθω αλλ ει τις αγαθος προς οικοδομην της χρειας ινα δω χαριν τοις ακουουσιν
- 30 Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, paske Lespri a se mak letanp Bondye sou nou, li ban nou garanti Bondye ap fin delivre nou lè jou a va rive.
And do not give grief to the Holy Spirit of God, by whom you were marked for the day of salvation.
 και μη λυπειτε το πνευμα το αγιον του θεου εν ω εσφραγισθητε εις ημεραν απολυτρωσεως
- 31 Piga yo jwenn nan mitan nou moun ki kenbe lòt nan kè yo, moun ki gen san wo, moun ki renmen fè kòlè. Piga yo tande woywoy ak joure nan mitan nou. Nou pa fèt pou gen okenn lòt kalite mechanste k'ap fèt nan mitan nou.
Let all bitter, sharp and angry feeling, and noise, and evil words, be put away from you, with all unkind acts;
 πασα πικρια και θυμος και οργη και κραυγη και βλασφημια αρθητω αφ υμων συν παση κακια
- 32 Okontrè, se pou nou aji byen yonn ak lòt, se pou nou gen bon kè yonn pou lòt, pou nou yonn padonnen lòt, menm jan Bondye te padonnen nou nan Kris la.
And be kind to one another, full of pity, having forgiveness for one another, even as God in Christ had forgiveness for you.
 γινεσθε δε εις αλληλους χρηστοι ευσπλαγχοι χαριζομενοι εαυτοις καθως και ο θεος εν χριστω εχαρισατο υμιν
- 1 ¶ Se sa ki fè, paske nou se pitit Bondye renmen anpil, se pou nou chache fè tankou Bondye fè.
Let it then be your desire to be like God, as well-loved children;
 γινεσθε ουν μιμηται του θεου ως τεκνα αγαπητα
- 2 Se pou nou viv ak renmen nan kè nou, menm jan Kris la te fè l' la, li menm ki te renmen nou, ki te bay lavi l' pou nou tankou yon ti mouton yo ofri pou touye pou Bondye, ofrann k'ap fè Bondye plezi ak bon sant li.
And be living in love, even as Christ had love for you, and gave himself up for us, an offering to God for a perfume of a sweet smell.
 και περιπατειτε εν αγαπη καθως και ο χριστος ηγαπησεν ημας και παρεδωκεν εαυτον υπερ ημων προσφοραν και θυσιαν τω θεω εις οσμην ευωδιας
- 3 ¶ Paske nou se pèp Bondye a, sa pa bon pou nou menm louvri bouch nou pale sou dezòd lachè, sou bagay ki sal ak vye dezi.
But evil acts of the flesh and all unclean things, or desire for others' property, let it not even be named among you, as is right for saints;
 πορνεια δε και πασα ακαθαρσια η πλεονεξια μηδε ονομαζεσθω εν υμιν καθως πρεπει αγιοις
- 4 Sa pa bon non plis pou nou kite gwo mo, pawòl san sans ak mo sal soti nan bouch nou. Bagay konsa pa dakò ak sa nou ye. Okontrè, se pou nou lapriyè pou di Bondye mèsi.
And let there be no low behaviour, or foolish talk, or words said in sport, which are not right, but in place of them the giving of praise.
 και αισχροτης και μωρολογια η εντραπελια τα ουκ ανηκοντα αλλα μαλλον ευχαριστια
- 5 Paske, konnen sa byen: okenn moun ki nan dezòd lachè, osinon ki nan lenkondite, osinon ki renmen lajan (moun konsa se tankou moun k'ap sèvi zidòl), okenn nan moun sa yo p'ap gen pòsyon eritaj nan peyi kote Bondye ak Kris la wa a.
Being certain of this, that no man who gives way to the passions of the flesh, no unclean person, or one who has desire for the property of others, or who gives worship to images, has any heritage in the kingdom of Christ and God.
 τουτο γαρ εστε γνωσκοντες οτι πας πορνος η ακαθαρτος η πλεονεκτικος ος εστιν ειδωλολατρης ουκ εχει κληρονομιαν εν τη βασιλεια του χριστου και θεου
- 6 Pa kite pesonn twonpe nou ak pawòl san sans yo: se poutèt bagay sa yo menm kòlè Bondye tonbe sou moun ki refize obeyi l' yo.
Do not be turned from the right way by foolish words; for because of these things the punishment of God comes on those who do not put themselves under him.
 μηδεις υμας απατατω κενους λογους δια ταυτα γαρ ερχεται η οργη του θεου επι τους υιους της απειθειας
- 7 Nou pa gen anyen pou nou wè ak moun konsa.
Have no part with such men;
 μη ουν γινεσθε συμμετοχοι αυτων

- 8 Nan tan lontan, nou te nan fènwa. Men koulye a, paske n'ap viv ansanm nan Seyè a, nou nan limyè. Se sa ki fè, fòk nou mennen tèt nou tankou moun k'ap viv nan limyè a.
For you at one time were dark, but now are light in the Lord: let your behaviour be that of children of light
ητε γαρ ποτε σκοτος νυν δε φως εν κυριω ως τεκνα φωτος περιπατειτε
- 9 Paske, limyè a fè moun fè bagay ki bon, bagay ki dwat ak bagay ki vre.
(Because the fruit of the light is in all righteousness and in everything which is good and true),
ο γαρ καρπος του πνευματος εν παση αγαθωσυνη και δικαιοσυνη και αληθεια
- 10 Chache konnen sa k'ap fè Seyè a plezi.
Testing by experience what is well-pleasing to the Lord;
δοκιμαζοντες τι εστιν ευαρεστον τω κυριω
- 11 Nou pa gen anyen pou nou wè ak moun k'ap viv nan fènwa, moun k'ap fè bagay ki p'ap rapòte anyen. Okontrè, denonse yo pou sa yo ye.
And have no company with the works of the dark, which give no fruit, but make their true quality clear;
και μη συγκοινωνειτε τοις εργασις τοις ακαρποις του σκοτους μαλλον δε και ελεγχετε
- 12 Bagay moun sa yo ap fè an kachèt, se you wont menm pou pale sou sa.
For the things which are done by them in secret it is shame even to put into words.
τα γαρ κρυφη γινομενα υπ αυτων αισχρον εστιν και λεγειν
- 13 Men, lè ou mete tout bagay sa yo ak lè nan limyè, lèzòm va wè sa yo ye tout bon.
But all things, when their true quality is seen, are made clear by the light: because everything which is made clear is light.
τα δε παντα ελεγχομενα υπο του φωτος φανερωται παν γαρ το φανερουμενον φως εστιν
- 14 Paske, tout bagay ki parèt ak lè tounen limyè. Se poutèt sa yo di: Leve non, ou menm k'ap dòmi an, leve soti nan mitan mò yo. Kris la va klere ou.
For this reason he says, Be awake, you who are sleeping, and come up from among the dead, and Christ will be your light.
διο λεγει εγειραι ο καθευδων και αναστα εκ των νεκρων και επιφασει σοι ο χριστος
- 15 Se sa ki fè, konnen ki jan pou n' mennen tèt nou! Pa mennen tèt nou tankou moun ki sòt, men tankou moun ki gen konprann.
Take care then how you are living, not as unwise, but as wise;
βλεπετε ουν πως ακριβως περιπατειτε μη ως ασοφοι αλλ ως σοφοι
- 16 Pa kite okenn okazyon pase pou fè sa ki byen. Paske, jou sa yo n'ap viv la a pa bon menm.
Making good use of the time, because the days are evil.
εξαγοραζομενοι τον καιρον οτι αι ημεραι πονηραι εισιν
- 17 Se poutèt sa, pran tèt nou byen, chache konnen sa Seyè a vle nou fè.
For this reason, then, do not be foolish, but be conscious of the Lord's pleasure.
δια τουτο μη γινεσθε αφρονες αλλα συνιεντες τι το θελημα του κυριου
- 18 Pa soule tèt nou ak diven, sa ka mennen nou nan debòch. Okontrè, plen kè nou ak Sentespri.
And do not take overmuch wine by which one may be overcome, but be full of the Spirit;
και μη μεθυσκεσθε οινω εν ω εστιν ασωτια αλλα πληρουσθε εν πνευματι
- 19 Lè n'ap pale yonn ak lòt, sèvi ak pawòl ki nan sòm yo, nan kantik yo, ak nan chante Lespri Bondye a moutre nou. Chante kantik ak sòm pou Seyè a lè n'ap fè lwanj li ak tout kè nou.
Joining with one another in holy songs of praise and of the Spirit, using your voice in songs and making melody in your heart to the Lord;
λαλουντες εαυτοις ψαλμοις και υμνοις και ωδαις πνευματικαις αδοντες και ψαλλοντες εν τη καρδια υμων τω κυριω
- 20 Nan non Seyè nou an, Jezikri, se tout tan pou n'ap di Bondye Papa a mèsi pou tout bagay.
Giving praise at all times for all things in the name of our Lord Jesus Christ, to God, even the Father;
ευχαριστουντες παντοτε υπερ παντων εν ονοματι του κυριου ημων ιησου χριστου τω θεω και πατρι
- 21 ¶ Se pou nou yonn soumèt devan lòt pa respè pou Kris la.
Letting yourselves be ruled by one another in the fear of Christ.
υποτασσομενοι αλληλοις εν φοβω θεου

- 22 Nou menm, medam yo, soumèt devan mari nou tankou nou soumèt devan Seyè a.
Wives, be under the authority of your husbands, as of the Lord.
 αι γυναικες τοις ιδιοις ανδρασιν υποτασσεσθε ως τω κυριω
- 23 Paske, yon mari se chèf madanm li menm jan Kris la se chèf legliz la. Se Kris la menm ki delivre legliz la ki kò li.
For the husband is the head of the wife, as Christ is the head of the church, being himself the saviour of the body.
 οτι ο ανηρ εστιν κεφαλη της γυναικος ως και ο χριστος κεφαλη της εκκλησιας και αυτος εστιν σωτηρ του σωματος
- 24 Konsa, se pou medam yo soumèt devan mari yo menm jan legliz la soumèt devan Kris la.
And as the church is under Christ's authority, so let wives be under the rule of their husbands in all things.
 αλλ ωσπερ η εκκλησια υποτασσεται τω χριστω ουτως και αι γυναικες τοις ιδιοις ανδρασιν εν παντι
- 25 Nou menm, mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li.
Husbands, have love for your wives, even as Christ had love for the church, and gave himself for it;
 οι ανδρες αγαπατε τας γυναικας εαυτων καθως και ο χριστος ηγαπησεν την εκκλησιαν και εαυτον παρεδωκεν υπερ αυτης
- 26 Li te fè sa pou li te ka mete legliz la apa pou Bondye. Li lave legliz la nan dlo ak nan pawòl li.
So that he might make it holy, having made it clean with the washing of water by the word,
 ινα αυτην αγιαση καθαρισας τω λουτρω του υδατος εν ρηματι
- 27 Paske, li te vle pou legliz la parèt devan l' nan tout bèl pouwva li, byen pwòp, san okenn defo, ni okenn tach, ni okenn pli, ni okenn mank.
And might take it for himself, a church full of glory, not having one mark or fold or any such thing; but that it might be holy and complete.
 ινα παραστηση αυτην εαυτω ενδοξον την εκκλησιαν μη εχουσαν σπιλον η ρυτιδα η τι των τοιουτων αλλ ινα η αγια και αμωμος
- 28 Se pou mari yo renmen madanm yo menm jan yo renmen pwòp tèt pa yo. Yon nonm ki renmen madanm li, li renmen pwòp tèt pa li tou.
Even so it is right for husbands to have love for their wives as for their bodies. He who has love for his wife has love for himself:
 ουτως οφειλουσιν οι ανδρες αγαπαν τας εαυτων γυναικας ως τα εαυτων σωματα ο αγαπων την εαυτου γυναικα εαυτον αγαπα
- 29 Pesonn pa janm rayi kò li. Okontrè, li ba l' manje, li pran swen l', tankou Kris la ap fè sa pou legliz la
For no man ever had hate for his flesh; but he gives it food and takes care of it, even as Christ does for the church;
 ουδεις γαρ ποτε την εαυτου σαρκα εμισησεν αλλ εκτρεφει και θαλπει αυτην καθως και ο κυριος την εκκλησιαν
- 30 paske nou se manm kò li.
Because we are parts of his body.
 οτι μελη εσμεν του σωματος αυτου εκ της σαρκος αυτου και εκ των οστεων αυτου
- 31 Jan sa ekri nan Liv la: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l', pou l' mete tèt li ak madanm li, pou tou de fè yon sèl.
For this cause will a man go away from his father and mother and be joined to his wife, and the two will become one flesh.
 αντι τουτου καταλειπει ανθρωπος τον πατερα αυτου και την μητερα και προσκολληθησεται προς την γυναικα αυτου και εσονται οι δυο εις σαρκα μιαν
- 32 Se yon gwo verite wi Bondye fè nou konnen nan pawòl sa a. Mwen menm, mwen kwè verite sa a se pou Kris la ak legliz la.
This is a great secret: but my words are about Christ and the church.
 το μυστηριον τουτο μεγα εστιν εγω δε λεγω εις χριστον και εις την εκκλησιαν
- 33 Men, li bon pou nou tou: se pou chak mari renmen madanm yo tankou yo renmen tèt pa yo, epitou se pou chak madanm respekte mari yo.
But do you, everyone, have love for his wife, even as for himself; and let the wife see that she has respect for her husband.
 πλην και υμεις οι καθ ενα εκαστος την εαυτου γυναικα ουτως αγαπατω ως εαυτον η δε γυνη ινα φοβηται τον ανδρα
- 1 ¶ Timoun, se devwa nou tankou moun ki kwè nan Seyè a pou n' obeyi papa nou ak manman nou, paske sa se yon bagay ki dwat devan Bondye.
Children, do what is ordered by your fathers and mothers in the Lord: for this is right.
 τα τεκνα υπακουετε τοις γονευσιν υμων εν κυριω τουτο γαρ εστιν δικαιον
- 2 Respekte papa ou ak manman ou. Sa se premye kòmandman ki gen yon pwomès dèyè l':
Give honour to your father and mother (which is the first rule having a reward),
 τιμα τον πατερα σου και την μητερα ητις εστιν εντολη πρωτη εν επαγγελια

- 3 Pou nou ka viv lontan ak kè kontan sou latè.
So that all may be well for you, and your life may be long on the earth.
ινα ευ σοι γενηται και εση μακροχρονιος επι της γης
- 4 Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak timoun nou yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon levasyon, korije yo, pale ak yo dapre prensip Seyè a.
And, you fathers, do not make your children angry: but give them training in the teaching and fear of the Lord.
και οι πατερες μη παροργιζετε τα τεκνα υμων αλλ εκτρεφετε αυτα εν παιδεια και νουθεσια κυριου
- 5 Nou menm domestik, obeyi mèt nou gen sou latè a avèk respè, avèk krentif, ak tout kè nou menm jan nou ta sèvi Kris la.
Servants, do what is ordered by those who are your natural masters, having respect and fear for them, with all your heart, as to Christ;
οι δουλοι υπακουετε τοις κυριοις κατα σαρκα μετα φοβου και τρομου εν απλοτητι της καρδιας υμων ως τω χριστω
- 6 Se pa sèlman lè yo la ap gade nou pou nou aji konsa, tankou moun k'ap achte figi. Lekontrè, fè sa Bondye vle nou fè a ak tout kè nou, tankou moun k'ap sèvi Kris la.
Not only under your master's eye, as pleasers of men; but as servants of Christ, doing the pleasure of God from the heart;
μη κατ οφθαλμοδουλειαν ως ανθρωπαρεσκοι αλλ ως δουλοι του χριστου ποιουντες το θελημα του θεου εκ ψυχης
- 7 Fè travay nou ak kè kontan, tankou si se pa pou moun nou t'ap travay, men pou Seyè a.
Doing your work readily, as to the Lord, and not to men:
μετ ευνοιας δουλευοντες τω κυριω και ουκ ανθρωποις
- 8 Paske chonje byen: kit yon moun esklav, kit li lib, li gen pou l' resewva sa ki pou li nan men Seyè a, dapre bon travay li fè a.
In the knowledge that for every good thing anyone does, he will have his reward from the Lord, if he is a servant or if he is free.
ειδοτες οτι ο εαν τι εκαστος ποιηση αγαθον τουτο κομειται παρα του κυριου ειτε δουλος ειτε ελευθερος
- 9 Nou menm mèt, se pou n' aji menm jan an tou ak moun k'ap sèvi nou yo. Pa fè yo okenn menas. Toujou chonje ni nou menm, ni domestik nou yo, nou gen yon sèl Mèt nan syèl la, ki pa gade sou figi moun.
And, you masters, do the same things to them, not making use of violent words: in the knowledge that their Master and yours is in heaven, and he has no respect for a man's position.
και οι κυριοι τα αυτα ποιειτε προς αυτους ανιεντες την απειλην ειδοτες οτι και υμων αυτων ο κυριος εστιν εν ουρανοις και προσωποληψια ουκ εστιν παρ αυτω
- 10 ¶ Pou fini, chache fòs nou nan lavi n'ap mennen ansanm ak Seyè a ak nan gwo pouwva li.
Lastly, be strong in the Lord, and in the strength of his power.
το λοιπον αδελφοι μου ενδυναμουσθε εν κυριω και εν τω κρατει της ισχυος αυτου
- 11 Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan.
Take up God's instruments of war, so that you may be able to keep your position against all the deceits of the Evil One.
ενδυσασθε την πανοπλιαν του θεου προς το δυνασθαι υμας στηναι προς τας μεθοδεις του διαβολου
- 12 Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouwva, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a.
For our fight is not against flesh and blood, but against authorities and powers, against the world-rulers of this dark night, against the spirits of evil in the heavens.
οτι ουκ εστιν ημιν η παλη προς αιμα και σαρκα αλλα προς τας αρχας προς τας εξουσιαις προς τους κοσμοκρατορας του σκοτους του αιωνος τουτου προς τα πνευματικα της πονηριας εν τοις επουρανοις
- 13 Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou.
For this reason take up all the arms of God, so that you may be able to be strong in the evil day, and, having done all, to keep your place.
δια τουτο αναλαβετε την πανοπλιαν του θεου ινα δυναθητε αντιστηναι εν τη ημερα τη πονηρα και απαντα κατεργασαμενοι στηναι
- 14 Pare kò nou: mare verite a tankou yon sentiwon nan ren nou. Pwoteje nou ak jistis Bondye a tankou plak pwotèj sòlda yo mete sou lestonmak yo pou pwoteje yo.
Take your place, then, having your body clothed with the true word, and having put on the breastplate of righteousness;
στητε ουν περιζωσαμενοι την οσφυν υμων εν αληθεια και ενδυσασαμενοι τον θωρακα της δικαιοσυνης
- 15 Pou soulye nan pye nou, mete aktivite pou anonse bon nouvèl k'ap fè moun viv ak kè poze a.
Be ready with the good news of peace as shoes on your feet;
και υποδησασαμενοι τους ποδας εν ετοιμασια του ευαγγελιου της ειρηνης

- 16 **Toujou pran konfyans nou gen nan Bondye a tankou yon defans ki va penmèt nou pare tout flèch Satan an ap voye tou limen sou nou.**
And most of all, using faith as a cover to keep off all the flaming arrows of the Evil One.
επι πασιν αναλαβοντες τον θυρεον της πιστεως εν ω δυνησεσθε παντα τα βελη του πονηρου τα πετυρωμενα σβεσαι
- 17 **Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon kas an fê nan tèt nou. Asepte pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou.**
And take salvation for your head-dress and the sword of the Spirit, which is the word of God:
και την περικεφαλαιαν του σωτηριου δεξασθε και την μαχαιραν του πνευματος ο εστιν ρημα θεου
- 18 **Pandan n'ap fê tou sa, pa janm bliye lapriyè. Mande Bondye konkou li. Lapriyè nan tout sikonstans avèk pouvwa Sentespri a. Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, kenbe fèm nan sa n'ap fê a.**
Lapriyè pou tout pèp Bondye a.
With prayers and deep desires, making requests at all times in the Spirit, and keeping watch, with strong purpose, in prayer for all the saints,
δια πασης προσευχης και δεησεως προσευχομενοι εν παντι καιρω εν πνευματι και εις αυτο τουτο αγρυπνουντες εν παση προσκαρτερησει και δεησει περι παντων των αγιων
- 19 **¶ Lapriyè pou mwen tou, pou Bondye ka mete pawòl nan bouch mwen lè m'a gen pou m' pale, pou m' ka pale avèk lasirans, pou moun ka rive konnen sekrè ki nan bon nouvèl la.**
And for me, that words may be given to me in the opening of my mouth, to make clear without fear the secret of the good news,
και υπερ εμου ινα μοι δοθειη λογος εν ανοιξει του στοματος μου εν παρρησια γνωρισαι το μυστηριον του ευαγγελιου
- 20 **Nou mèt wè m' nan prizon koulye a, se Bondye ki ban m' misyon fê konnen bon nouvèl la. Lapriyè pou mwen pou m' ka pale avèk lasirans, jan m' dwe fê l' la.**
For which I am a representative in chains, and that I may say without fear the things which it is right for me to say.
υπερ ου πρεσβευω εν αλυσει ινα εν αυτω παρρησιασωμαι ως δει με λαλησαι
- 21 **Tichik, frè nou renmen anpil la epi ki yon bon sèvitè nan travay Seyè a, va ban nou tout nouvèl mwen, pou nou ka konnen jan zafè m' ap mache.**
But so that you may have knowledge of my business, and how I am, Tychicus, the well-loved brother and tested servant in the Lord, will give you news of all things:
ινα δε ειδητε και υμεις τα κατ εμε τι πρασσω παντα υμιν γνωρισει τυχικος ο αγαπητος αδελφος και πιστος διακονος εν κυριω
- 22 **M'ap voye l' tout espre pou l' sa di nou kouman mwen ye, pou nou pa fin dekouraje, pou sa remoute kouraj nou.**
Whom I have sent to you for this very purpose, so that you may have knowledge of our position, and that he may give comfort to your hearts.
ον επεμψα προς υμας εις αυτο τουτο ινα γνωτε τα περι ημων και παρακαλεση τας καρδιας υμων
- 23 **Mwen mande Bondye, Papa a, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo bay tout frè yo kè poze, renmen ak konfyans nan Bondye.**
Peace be to the brothers, and love with faith, from God the Father and the Lord Jesus Christ.
ειρηνη τοις αδελφοις και αγαπη μετα πιστεως απο θεου πατρος και κυριου ιησου χριστου
- 24 **benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezikri, Seyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini.**
Grace be with all those who have true love for our Lord Jesus Christ.
η χαρις μετα παντων των αγαπωντων τον κυριον ημων ιησουν χριστον εν αφαρσια αμην [προς εφεσιους εγγραφη απο ρωμης δια τυχικου]
- 1 **¶ Se mwen menm Pòl ak Timote, de sèvitè Jezikri, k'ap ekri lèt sa a voye bay tout pèp Bondye nan lavil Filip la k'ap viv ansanm nan Jezikri. Lèt sa a se pou tout moun ki chèf nan legliz la ak pou tout dyak yo tou.**
Paul and Timothy, servants of Jesus Christ, to all the saints in Christ Jesus at Philippi, with the Bishops and Deacons of the church:
παυλος και τιμοθεος δουλοι ιησου χριστου πασιν τοις αγιοις εν χριστω ιησου τοις ουσιν εν φιλιπποις συν επισκοποις και διακονοις
- 2 **Nou mande Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè a, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze.**
Grace to you and peace from God our Father and the Lord Jesus Christ.
χαρις υμιν και ειρηνη απο θεου πατρος ημων και κυριου ιησου χριστου
- 3 **¶ Mwen di Bondye mwen an mèsì pou nou chak fwa lide m' frape sou nou.**
I give praise to my God at every memory of you,
ευχαριστω τω θεω μου επι παση τη μνηια υμων
- 4 **Chak fwa m'ap lapriyè tou pou nou, mwen fê l' ak kè kontan,**
And in all my prayers for you all, making my request with joy,
παντοτε εν παση δεησει μου υπερ παντων υμων μετα χαρας την δεησιν ποιουμενος

- 5 poutèt jan nou te ede m' gaye bon nouvèl la, depi premye jou a jouk koulye a.
Because of your help in giving the good news from the first day till now;
επι τη κοινωνια υμων εις το ευαγγελιον απο πρωτης ημερας αχρι του νυν
- 6 Mwen sèten Bondye ki te konmanse bon travay sa a nan nou, li gen pou l' kontinye l' jouk li va fini l' nèt, lè jou Jezikri a va rive.
For I am certain of this very thing, that he by whom the good work was started in you will make it complete till the day of Jesus Christ:
πεποιθως αυτο τουτο οτι ο εναρξαμενος εν υμιν εργων αγαθων επιτελεσει αχρις ημερας ιησου χριστου
- 7 ¶ Se tou nòmval pou m' fè lide konsa sou nou, paske nou toujou nan lespri m', nou tout ki kanpe la avè m' nan tout favè Bondye fè m', kit lè mwen nan prizon tankou koulye a, kit lè mwen te lib pou m' defann bon nouvèl la, pou m' moutre se laverite li ye.
So it is right for me to take thought for you all in this way, because I have you in my heart; for in my chains, and in my arguments before the judges in support of the good news, making clear that it is true, you all have your part with me in grace.
καθως εστιν δικαιον εμοι τουτο φρονειν υπερ παντων υμων δια το εχειν με εν τη καρδια υμας εν τε τοις δεσμοις μου και τη απολογία και βεβαιωση του ευαγγελιου συγκοινωνους μου της χαριτος παντας υμας οντας
- 8 Mwen pran Bondye sèvi m' temwen, sa m'ap di nou la a se vre wi. Mwen renmen nou tout anpil anpil avèk renmen ki soti nan Jezikri.
For God is my witness, how my love goes out to you all in the loving mercies of Christ Jesus.
μαρτυς γαρ μου εστιν ο θεος ως επιποθω παντας υμας εν σπλαγγχις ιησου χριστου
- 9 ¶ Lè m'ap lapriyè Bondye, mwen mande l' pou nou gen plis renmen toujou, ak bonkou konesans pou nou ka rive konprann tout bagay,
And my prayer is that you may be increased more and more in knowledge and experience;
και τουτο προσευχομαι ινα η αγαπη υμων ετι μαλλον και μαλλον περισσευη εν επιγνωσει και παση αισθησει
- 10 pou nou ka toujou chwazi sa ki pi bon. Konsa, n'a mennen yon lavi ki pwòp, yo p'ap jwenn anyen pou repwòche nou lè Kris la va vini.
So that you may give your approval to the best things; that you may be true and without wrongdoing till the day of Christ;
εις το δοκιμαζειν υμας τα διαφεροντα ινα ητε ειλικρινεις και απροσκοποι εις ημεραν χριστου
- 11 Konsa, Jezikri va fè nou fè anpil bagay ki dwat epi ki bon, pou sa ka sèvi yon lwanj ak yon bèl bagay pou Bondye.
Being full of the fruits of righteousness, which are through Jesus Christ, to the glory and praise of God.
πεπληρωμενοι καρπων δικαιοσυνης των δια ιησου χριστου εις δοξαν και επαινον θεου
- 12 ¶ Frè m' yo, mwen vle nou konn sa byen: Tout bagay sa yo ki rive m' lan, yo pi fè travay predikasyon bon nouvèl la mache pase yo fè lòt bagay.
Now it is my purpose to make clear to you, brothers, that the cause of the good news has been helped by my experiences;
γινωσκειν δε υμας βουλομαι αδελφοι οτι τα κατ εμε μαλλον εις προκοπην του ευαγγελιου εληλυθεν
- 13 Se konsa, tout gad palè yo ansanm ak tout lòt moun yo konnen se paske m'ap sèvi Kris la kifè m' nan prizon.
So that it became clear through all the Praetorium, and to all the rest, that I was a prisoner on account of Christ;
ωστε τους δεσμους μου φανερους εν χριστω γενεσθαι εν ολω τω πραιτωριω και τοις λοιποις πασιν
- 14 Frè yo menm, bò pa yo, lè yo wè m' nan prizon an, pifò ladan yo vin gen plis konfyans toujou nan Seyè a. Sa ba yo plis kouraj koulye a pou fè konnen pawòl Bondye a san yo pa pè anyen.
And most of the brothers in the Lord, taking heart because of my chains, are all the stronger to give the word of God without fear.
και τους πλειονας των αδελφων εν κυριω πεποιθотας τοις δεσμοις μου περισσοτερος τολμαν αφοβως τον λογον λαλειν
- 15 Gen ladan yo k'ap fè konnen Kris la paske jalouzi moute yo nan tèt, yo ta renmen ban m' traka. Se vre. Men, gen lòt tou k'ap fè l' ak bon lide nan tèt yo.
Though some are preaching Christ out of envy and competition, others do it out of a good heart:
τινες μεν και δια φθονον και εριν τινες δε και δι ευδοκιαν τον χριστον κηρυσσουσιν
- 16 Se renmen Bondye a k'ap poue yo fè l', paske yo konnen se Bondye menm ki ban m' travay sa a pou m' ka defann bon nouvèl la.
These do it from love, conscious that I am responsible for the cause of the good news:
οι μεν εξ εριθειας τον χριστον καταγγελλουσιν ουχ αγνωσ οιομενοι θλιψιν επιφερειν τοις δεσμοις μου
- 17 Men, lòt yo ap fè konnen Kris la ak move lide dèyè tèt yo, y'ap fè l' pou lanbisyon pèsònèl pa yo. Y'ap fè l' pou chache m' kont. Yo konprann yo ka fè m' lapenn antan m' nan prizon an.
But those are preaching Christ in a spirit of competition, not from their hearts, but with the purpose of giving me pain in my prison.
οι δε εξ αγαπης ειδοτες οτι εις απολογιαν του ευαγγελιου κειμαι

- 18 Men, sa pa fè m' anyen. Kit yo gen bon lide, kit yo gen move lide, tout jan se Kris la y'ap fè konnen. Epi sa fè kè m' kontan. M'ap pi kontan toujou, **What then? only that in every way, falsely or truly, the preaching of Christ goes on; and in this I am glad, and will be glad.**
τι γαρ πλην παντι τροπω ειτε προφασει ειτε αληθεια χριστος καταγγελλεται και εν τωτω χαιρω αλλα και χαρησομαι
- 19 paske mwen konnen tout bagay sa yo pral vire anyen pou mwen, gremesi lapriyè n'ap fè pou mwen ak lasistans Lespri Jezikri a ap ban mwen. **For I am conscious that this will be for my salvation, through your prayer and the giving out of the stored wealth of the Spirit of Jesus Christ,**
οιδα γαρ οτι τουτο μοι αποβησεται εις σωτηριαν δια της υμων δεησεως και επιχορηγιας του πνευματος ιησου χριστου
- 20 Paske, mwen ta renmen pou m' pa soti wont nan anyen. Se la tout espwa m' pou m' ka pale ak kouraj, pou jòdi a tankou anvan lèzòm ka wè pouvwa Kris la nan mwen, kit mwen vivan, kit mwen mouri.
In the measure of my strong hope and belief that in nothing will I be put to shame, but that without fear, as at all times, so now will Christ have glory in my body, by life or by death.
κατα την αποκαραδοκιαν και ελπιδα μου οτι εν ουδενι αισχυνθησομαι αλλ εν παση παρρησια ως παντοτε και νυν μεγαλυνθησεται χριστος εν τω σωματι μου ειτε δια ζωης ειτε δια θανατου
- 21 ¶ Paske pou mwen, lavi se Kris la. Se poutèt sa lanmò se yon gany pou mwen.
For to me life is Christ and death is profit.
εμοι γαρ το ζην χριστος και το αποθανειν κερδος
- 22 Men, si antan m'ap viv sou tè a toujou, mwen ka fè kèk travay ankò pou Seyè a, nan ka sa a, mwen pa konn sa m' pito.
But if I go on living in the flesh--if this is the fruit of my work--then I do not see what decision to make.
ει δε το ζην εν σαρκι τουτο μοι καρπος εργου και τι αιρησομαι ου γνωριζω
- 23 Mwen ta renmen fè tou de: Mwen ta renmen mouri pou m' ta avè Kris la. Sa ta pi bon anpil pou mwen.
I am in a hard position between the two, having a desire to go away and be with Christ, which is very much better:
συνεχομαι γαρ εκ των δυο την επιθυμιαν εχων εις το αναλυσαι και συν χριστω ειναι πολλω μαλλον κρεισσον
- 24 Men, li ta pi bon pou nou pou m' rete viv sou latè.
Still, to go on in the flesh is more necessary because of you.
το δε επιμενειν εν τη σαρκι αναγκαιοτερον δι υμας
- 25 Mwen sèten se sa k'ap rive menm. Se poutèt sa, mwen konnen mwen gen pou m' rete, pou m' ka viv ansanm ak nou, pou m' ede nou grandi, pou m' ka fè nou kontan nan konfyans nou gen nan Bondye.
And being certain of this, I am conscious that I will go on, yes, and go on with you all, for your growth and joy in the faith;
και τουτο πεποιθως οιδα οτι μενω και συμπαραμενω πασιν υμιν εις την υμων προκοπην και χαραν της πιστεως
- 26 Konsa, lè m'a tounen bò kote nou, m'a ban nou yon bèl okazyon pou nou kontan nan lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la.
So that your pride in me may be increased in Christ Jesus through my being present with you again.
ινα το καυχημα υμων περισσευη εν χριστω ιησου εν εμοι δια της εμης παρουσιας παλιν προς υμας
- 27 ¶ Sèl bagay ki konsekan se pou nou viv yon jan ki konfòm ak bon nouvèl Kris la. Konsa, mwen ta mèt rive vin wè nou, mwen ta mèt pa kapab, se pou m' tande jan n'ap kenbe fèm, jan n'ap viv ansanm yonn ak lòt. Se pou m' tande jan n'ap mennen batay la ansanm pou defann konfyans bon nouvèl la fè nou gen nan Bondye.
Only let your behaviour do credit to the good news of Christ, so that if I come and see you or if I am away from you, I may have news of you that you are strong in one spirit, working together with one soul for the faith of the good news;
μονον αξιως του ευαγγελιου του χριστου πολιτευεσθε ινα ειτε ελθων και ιδων υμας ειτε απων ακουσω τα περι υμων οτι στηκετε εν ενι πνευματι μια ψυχη συναθλουντες τη πιστει του ευαγγελιου
- 28 Pa kite okenn lènmi kraponnen nou. Se pou tout bagay sa yo sèvi tankou yon prèn pou fè lènmi yo wè se pèdi y'ap pèdi tèt yo. Men, pou nou menm, yo fè wè se delivre n'ap delivre. Sa se travay Bondye.
Having no fear of those who are against you; which is a clear sign of their destruction, but of your salvation, and that from God;
και μη πτυρομενοι εν μηδενι υπο των αντικειμενων ητις αυτοις μεν εστιν ενδειξις απωλειας υμιν δε σωτηριας και τουτο απο θεου
- 29 Paske nou menm k'ap sèvi Kris la, Bondye ban nou favè sa a, non sèlman pou nou gen konfyans nan li, men pou nou ka soufri avè li tou.
Because to you it has been given in the cause of Christ not only to have faith in him, but to undergo pain on his account:
οτι υμιν χαρισθη το υπερ χριστου ου μονον το εις αυτον πιστευειν αλλα και το υπερ αυτου πασχειν
- 30 Batay n'ap mennen an, se menm batay la m'ap mennen tou. Se menm batay nou te wè m'ap mennen nan tan lontan an. Se li menm m'ap mennen jouk koulye a, jan nou konnen an.
Fighting the same fight which you saw in me, and now have word of in me.
τον αυτον αγωνα εχοντες οιον ιδετε εν εμοι και νυν ακουετε εν εμοι

- 1 ¶ Konsa, si se nan Kris la nou jwenn fòs kouraj nou tout bon vre, si se renmen li renmen nou an ki ban nou ankourajman tout bon vre, si Sentespri l' rete nan kè nou tout bon vre, si tout bon vre nou yonn renmen lòt, si nou sansib yonn pou lòt,
If then there is any comfort in Christ, any help given by love, any uniting of hearts in the Spirit, any loving mercies and pity,
ει τις ουν παρακλησις εν χριστω ει τι παραμυθιον αγαπης ει τις κοινωνια πνευματος ει τινα σπλαγχνα και οικτιρμοι
- 2 enben, men sa m'ap mande nou: Fè kè m' kontan nèt. Se pou nou viv byen yonn ak lòt, se pou nou yonn renmen lòt menm jan an, pou nou tout gen yon sèl lide nan tèt nou ak yon sèl santiman nan kè nou.
Make my joy complete by being of the same mind, having the same love, being in harmony and of one mind;
πληρωσατε μου την χαραν ινα το αυτο φρονητε την αυτην αγαπην εχοντες συμψυχοι το εν φρονουντες
- 3 Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou.
Doing nothing through envy or through pride, but with low thoughts of self let everyone take others to be better than himself;
μηδεν κατα εριθειαν η κενοδοξιαν αλλα τη ταπεινοφροσυνη αλληλους ηγουμενοι υπερεχοντας εαυτων
- 4 Piga pesonn chache enterè pa l' ase. Se pou l' chache sa ki bon pou lòt yo tou.
Not looking everyone to his private good, but keeping in mind the things of others.
μη τα εαυτων εκαστος σκοπειτε αλλα και τα ετερων εκαστος
- 5 Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la.
Let this mind be in you which was in Christ Jesus,
τουτο γαρ φρονεισθω εν υμιν ο και εν χριστω ιησου
- 6 Sa Bondye ye a, se sa l' te toujou ye. Men, li pa t' janm konsidere sa tankou yon avantaj pou l' te chache kenbe ak tout fòs.
To whom, though himself in the form of God, it did not seem that to take for oneself was to be like God;
ος εν μορφη θεου υπαρχων ουχ αρπαγμα ηγησατο το ειναι ισα θεω
- 7 Okontrè, se li menm pou tèt pa l' ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito tounen yon domestik. Li pran fòm yon moun, li vin tankou tout moun.
But he made himself as nothing, taking the form of a servant, being made like men;
αλλ εαυτον εκενοωσεν μορφην δουλου λαβων εν ομοιωματι ανθρωπων γενομενος
- 8 Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt devan Bondye. Li obeye Bondye jouk li rive asepte mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a.
And being seen in form as a man, he took the lowest place, and let himself be put to death, even the death of the cross.
και σχηματι ευρεθεις ως ανθρωπος εταπεινωσεν εαυτον γενομενος υπηκοος μεχρι θανατου θανατου δε σταυρου
- 9 Se poutèt sa, Bondye leve l' mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non.
For this reason God has put him in the highest place and has given to him the name which is greater than every name;
διο και ο θεος αυτον υπερυψωσεν και εχαρισατο αυτω ονομα το υπερ παν ονομα
- 10 Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a.
So that at the name of Jesus every knee may be bent, of those in heaven and those on earth and those in the underworld,
ινα εν τω ονοματι ιησου παν γονυ καμψη επουρανιων και επιγειων και καταχθονιων
- 11 Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a.
And that every tongue may give witness that Jesus Christ is Lord, to the glory of God the Father.
και πασα γλωσσα εξομολογησεται οτι κυριος ιησους χριστος εις δοξαν θεου πατρος
- 12 ¶ Se konsa, zanmi m' yo, nou tout nou te toujou obeysan lè m' te la avèk nou. Koulye a m' pa la ankò, se lè sa a pou n' pi obeyisan: toujou fè jefò pou nou ka fin sove nèt, avèk krentif pou Bondye, avèk soumisyon devan li.
So then, my loved ones, as you have at all times done what I say, not only when I am present, but now much more when I am not with you, give yourselves to working out your salvation with fear in your hearts;
ωστε αγαπητοι μου καθως παντοτε υπηκουσατε μη ως εν τη παρουσια μου μονον αλλα νυν πολλω μαλλον εν τη απουσια μου μετα φοβου και τρομου την εαυτων σωτηριαν κατεργαζεσθε
- 13 Paske, se Bondye menm k'ap travay tout tan nan kè nou. Se li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè l' plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè l' vre.
For it is God who is the cause of your desires and of your acts, for his good pleasure.
ο θεος γαρ εστιν ο ενεργων εν υμιν και το θελειν και το ενεργειν υπερ της ευδοκιας

- 14 ¶ Nan tou sa n'ap fè, pa plenyen, pa diskite,
Do all things without protests and arguments;
παντα ποιειτε χωρις γογγυσμων και διαλογισμων
- 15 pou yo pa jwenn anyen pou yo repwoche nou, pou nou ka fè sa ki byen tankou bon pitit Bondye, antan n'ap viv nan mitan bann moun malonèt ak bann mechan sa yo ki sou latè. Se pou nou klere nan mitan yo tankou zetwal nan syèl la,
So that you may be holy and gentle, children of God without sin in a twisted and foolish generation, among whom you are seen as lights in the world,
ινα γενησθε αμεμπτοι και ακεραιοι τεκνα θεου αμωμητα εν μεσω γενεας σκολιας και διεστραμμενης εν οις φαινεσθε ως φωστηρες εν κοσμο
- 16 lè n'ap ba yo mesaj ki bay lavi a. Konsa, n'a fè kè m' kontan lè jou Kris la va rive. Paske, m'a konnen mwen pa t' fatigue kò m' pou gremesi, mwen pa t' travay mal.
Offering the word of life; so that I may have glory in you in the day of Christ, because my running was not for nothing and my work was not without effect.
λογον ζωης επεχοντες εις καυχημα εμοι εις ημεραν χριστου οτι ουκ εις κενον εδραμον ουδε εις κενον εκοπιασα
- 17 Menm si mwen dwe ofri lavi m', menm si san m' ta gen pou l' koule pou wouze ofrann n'ap fè pou Bondye paske nou gen konfyans nan li a, m'ap kontan anpil, epi m'ap fè kè nou tout kontan ansanm avè mwen.
And even if I am offered like a drink offering, giving myself for the cause and work of your faith, I am glad and have joy with you all:
αλλ ει και σπενδομαι επι τη θυσια και λειτουργια της πιστεως υμων χαιρω και συγχαιρω πασιν υμιν
- 18 Konsa, nou menm tou, se pou nou kontan, se pou nou fè kè m' kontan ansanm avè nou tou.
And in the same way do you be glad and have a part in my joy.
το δ αυτο και υμεις χαιρετε και συγχαιρετε μοι
- 19 Si se volonte Seyè Jezi, mwen fè lide voye Timote kote nou anvan lontan, pou lè m' pran nouvèl nou sa ka ban m' ankourajman.
But I am hoping in the Lord Jesus to send Timothy to you before long, so that I may be comforted when I have news of you.
ελπιζω δε εν κυριω ιησου τιμοθεον ταχεως πεμψαι υμιν ινα καγω ευψυχω γνους τα περι υμων
- 20 Timote se sèl moun ki gen menm lide avè m', ki vle wè byen nou. Mwen pa gen lòt.
For I have no man of like mind who will truly have care for you.
ουδενα γαρ εχω ισοψυχον οστις γνησιως τα περι υμων μεριμησει
- 21 Tout lòt yo, se zafè pa yo ase y'ap regle, yo p'ap defann kòz Kris la.
For they all go after what is theirs, not after the things of Christ.
οι παντες γαρ τα εαυτων ζητουσιν ου τα του χριστου ιησου
- 22 Nou menm tou nou konnen jan Timote se yon nèg serye. Tankou papa ak pitit nou travay ansanm pou bon nouvèl la.
But his quality is clear to you; how, as a child is to its father, so he was a help to me in the work of the good news.
την δε δοκιμην αυτου γινωσκετε οτι ως πατρι τεκνον συν εμοι εδουλευσεν εις το ευαγγελιον
- 23 Mwen fè lide voye l' kote nou lè m'a fin wè ki jan sa ap pase pou mwen.
Him then I am hoping to send as quickly as possible, when I am able to see how things will go for me:
τουτον μεν ουν ελπίζω πεμψαι ως αν απιδω τα περι εμε εξ αυτης
- 24 Men, mwen gen konfyans sa a nan Bondye: m'a ka vin wè nou anvan lontan.
But I have faith in the Lord that I myself will come before long.
πεποιθα δε εν κυριω οτι και αυτος ταχεως ελευσομαι
- 25 Konsa tou, nou chonje Epafwodit, frè nou an, ki te travay ansanm avè m', ki te la avè m' nan tout batay. Se nou menm ki te voye l' vin ban m' konkou. Enben, mwen wè se nesèsè pou m' voye l' tounen ban nou.
But it seemed to me necessary to send to you Epaphroditus, my brother, who has taken part with me in the work and in the fight, and your servant, sent by you for help in my need;
αναγκαιον δε ηγησαμην επαφροδιτον τον αδελφον και συνεργον και συστρατιωτην μου υμων δε αποστολον και λειτουργον της χρειας μου πεμψαι προς υμας
- 26 Se pa ti anvi li anvi wè nou. Sa te travay tèt li anpil dèske nou te vin konnen jan l' te malad.
Because his heart was with you all, and he was greatly troubled because you had news that he was ill:
επειδη επιποθων ην παντας υμας και αδημονων διοτι ηκουσατε οτι ησθενησεν

- 27 Li te malad anpil, se vre. Li manke mouri. Men, Bondye te gen pitye pou li. Pa pou li sèlman, men pou mwen menm tou, pou sa pa t' ban mwen plis lapenn ankò.
For in fact he was ill almost to death: but God had mercy on him; and not only on him but on me, so that I might not have grief on grief.
και γαρ ησθησεν παραπλησιον θανατω αλλ ο θεος αυτον ηλεησεν ουκ αυτον δε μονον αλλα και εμε ινα μη λυπην επι λυπη σχω
- 28 Se poutèt sa mwen pi anvi voye li bò kote nou pou nou ka kontan lè n'a wè l' ankò, epi pou m' ka gen mwens lapenn.
I have sent him, then, the more gladly, so that when you see him again, you may be happy and I may have the less sorrow.
σπουδαιοτερος ουν επεμψα αυτον ινα ιδοντες αυτον παλιν χαρητε καγω αλυποτερος ω
- 29 Konsa, resevwa l' ak kè kontan tankou yon frè nan Seyè a. Se pou nou gen anpil respè pou moun ki tankou Epafwodit,
So take him to your hearts in the Lord with all joy, and give honour to such as he is:
προσδεχεσθε ουν αυτον εν κυριω μετα πασης χαρας και τους τοιουτους εντιμους εχετε
- 30 paske li te prèt pou mouri pou travay Kris la, li riske lavi l' pou l' te ka ban mwen konkou nou menm nou pa t' kapab ban mwen.
Because for the work of Christ he was near to death, putting his life in danger to make your care for me complete.
οτι δια το εργον του χριστου μεχρι θανατου ηγγισεν παραβουλευσαμενος τη ψυχη ινα αναπληρωση το υμων υστερημα της προς με λειτουργιας
- 1 ¶ Koulye a, frè m' yo, fè kè nou kontan nan Seyè a. Pou mwen, sa pa fè m' anyen pou m' repete sa m' te voye di nou deja. Men, se nan avantaj nou.
For the rest, my brothers, be glad in the Lord. Writing the same things to you is no trouble to me, and for you it is safe.
το λοιπον αδελφοι μου χαιρετε εν κυριω τα αυτα γραφειν υμιν εμοι μεν ουκ οκνηρον υμιν δε ασφαλεις
- 2 Veye kò nou ak moun k'ap plede fè sa ki mal yo. Veye kò nou ak bann chen sa yo ki vle fè yo sikonsi nou.
Be on the watch against dogs, against the workers of evil, against those of the circumcision:
βλεπετε τους κυνας βλεπετε τους κακους εργατας βλεπετε την κατατομην
- 3 Si gen moun ki sikonsi tout bon, se pa yo, se nou menm. Paske nou menm, n'ap sèvi Bondye ak Lespri Bondye a, nou kontan dèske n'ap viv ansanm ak Jezikri. Nou pa mete konfyans nou nan sa lèzòm ap fè.
For we are the circumcision, who give worship to God and have glory in Jesus Christ, and have no faith in the flesh:
ημεις γαρ εσμεν η περιτομη οι πνευματι θεω λατρειοντες και καυχωμενοι εν χριστω ιησου και ουκ εν σαρκι πεποιθotes
- 4 ¶ Mwen ta ka mete konfyans mwen nan bagay konsa tou, si m' te vle. Si gen moun ki kwè yo ka mete konfyans yo nan sa lèzòm ap fè, mwen pi ka fè l' pase yo.
Even though I myself might have faith in the flesh: if any other man has reason to have faith in the flesh, I have more:
καιπερ εγω εχων πεποιθεισιν και εν σαρκι ει τις δοκει αλλος πεποιθεναι εν σαρκι εγω μαλλον
- 5 Mwen te gen wit jou depi m' te fèt lè yo sikonsi mwen. Mwen se yon moun Izrayèl natif natal, nan branch fanmi Benjamen, pitit pitit Ebè san (100) pou san (100). Sou keksyon lalwa Moyiz la menm, se pa pale: se farizyen mwen te ye.
Being given circumcision on the eighth day, of the nation of Israel, of the tribe of Benjamin, a Hebrew of Hebrews; in relation to the law, a Pharisee:
περιτομη οκταημερος εκ γενους ισραηλ φυλης βενιαμιν εβραιος εξ εβραιων κατα νομον φαρισαιος
- 6 Mwen te sitèlman yon patizan fanatik lalwa a, mwen te menm rive pèsèkite legliz la. Si yon moun te ka bon paske li fè sa lalwa a mande, enben mwen te bon nèt ale.
In bitter hate I was cruel to the church; I kept all the righteousness of the law to the last detail.
κατα ζηλον διωκων την εκκλησιαν κατα δικαιοσυνην την εν νομω γενομενος αμεμπτος
- 7 Men, si yon lè mwen te konsidere tout bagay sa yo tankou yon garanti, koulye a yo pa vo anyen pou mwen, akòz Kris la.
But those things which were profit to me, I gave up for Christ.
αλλ αυτα ην μοι κερδη ταυτα ηγημαι δια τον χριστον ζημιαν
- 8 Men, se pa sa sèlman. Se tout bagay menm ki pa vo anyen pou mwen, lè m' konpare yo ak gwo avantaj mwen genyen lè m' konnen Jezikri tankou Seyè mwen. Poutèt li, mwen voye tout bagay jete, mwen gade yo tankou fatra pou m' sa gen Kris la,
Yes truly, and I am ready to give up all things for the knowledge of Christ Jesus my Lord, which is more than all: for whom I have undergone the loss of all things, and to me they are less than nothing, so that I may have Christ as my reward,
αλλα μενουγγε και ηγουμαι παντα ζημιαν ειναι δια το υπερεχον της γνωσεως χριστου ιησου του κυριου μου δι ον τα παντα εξημιωθην και ηγουμαι σκυβαλα ειναι ινα χριστον κερδησω
- 9 ¶ pou m' ka viv ansanm avè l' nèt ale. Konsa, mwen pa gen pretansyon mwen bon paske mwen fè sa lalwa a mande. Men, Bondye fè m' gras paske mwen mete konfyans mwen nan Kris la. Wi, Bondye fè tout moun ki mete konfyans yo nan li gras.
And be seen in him, not having my righteousness which is of the law, but that which is through faith in Christ, the righteousness which is of God by faith:
και ευρεθω εν αυτω μη εχων εμην δικαιοσυνην την εκ νομου αλλα την δια πιστεως χριστου την εκ θεου δικαιοσυνην επι τη πιστει

- 10 Se yon sèl bagay mwen bezwen: se konnen pou m' konnen Kris la, pou m' santi nan mwen pouvwa ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò a, pou m' soufri ansanm avè l' nan soufrans li yo, pou m' rive mouri tankou li tou,
That I may have knowledge of him, and of the power of his coming back from the dead, and a part with him in his pains, becoming like him in his death;
 του γνωναι αυτον και την δυναμιν της αναστασεως αυτου και την κοινωνιαν των παθηματων αυτου συμμορφουμενος τω θανατω αυτου
- 11 avèk espwa, mwen menm tou m'a gen pou m' leve soti vivan nan lanmò.
If in any way I may have the reward of life from the dead.
 ει πως καταντησω εις την εξαναστασιν των νεκρων
- 12 Mwen pa gen pretansyon mwen rive deja kote m' prale a, ni mwen poko fin bon nèt. Men, m'ap kouri sou kous mwen pou m' wè si m' ka mete men sou kote m' dwe rive a, paske Jezikri pou tèt pa l' fin mete men sou mwen deja.
Not as if I had even now got the reward or been made complete: but I go on in the hope that I may come to the knowledge of that for which I was made the servant of Christ Jesus.
 ουχ οτι ηδη ελαβον η ηδη τετελειωμαι διωκω δε ει και καταλαβω εφ ω και κατεληφθην υπο του χριστου ιησου
- 13 Se vre wi, frè m' yo. Mwen pa kwè mwen deja mete men m' sou kote m' dwe rive a. Men, mwen gen yon sèl bagay pou m' fè, se pou m' bliye tou sa ki dèyè m' pou m' fè jefò pou m' mete men m' sou sa ki devan m' lan.
Brothers, it is clear to me that I have not come to that knowledge; but one thing I do, letting go those things which are past, and stretching out to the things which are before,
 αδελφοι εγω εμαυτον ου λογιζομαι κατεληφεναι εν δε τα μεν οπισω επιλανθανομενος τοις δε εμπροσθεν επεκτεινομενος
- 14 Konsa, m'ap kouri dwat devan m' sou mak kote m' prale a, pou m' ka jwenn rekonpans Bondye rele m' vin resevwa nan syèl la, gremesi Jezikri.
I go forward to the mark, even the reward of the high purpose of God in Christ Jesus.
 κατα σκοπον διωκω επι το βραβειον της ανω κλησεως του θεου εν χριστω ιησου
- 15 ¶ Nou tout ki byen grandi nan lafwa, se menm lide sa a pou n' gen nan tèt nou tou. Men, si gen moun pami nou ki gen lòt lide sou kèk pwen, Bondye va fè yo wè pi klè sou sa.
Then let us all, who have come to full growth, be of this mind: and if in anything you are of a different mind, even this will God make clear to you:
 οσοι ουν τελειοι τουτου φρονωμεν και ει τι ετερωσ φρονειτε και τουτο ο θεος υμιν αποκαλυπει
- 16 Nenpòt jan sa ye, ann mache toujou jan n' te konmanse a.
Only, as far as we have got, let us be guided by the same rule.
 πλην εις ο εφθασαμεν τω αυτω στοιχειν κανοι το αυτο φρονειν
- 17 ¶ Nou tout frè m' yo, pran egzanzp sou mwen. Kenbe je nou fiske sou moun k'ap swiv egzanzp mwen te bay la.
Brothers, take me as your example, and take note of those who are walking after the example we have given.
 συμμητηται μου γινεσθε αδελφοι και σκοπειτε τους ουτως περιπατουντας καθως εχετε τυπον ημας
- 18 Paske, gen anpil moun k'ap viv tankou moun ki pa vle tandè pale jan Kris la mouri sou kwa a. Mwen te deja di nou sa, koulye a m'ap di nou sa ankò ak dlo nan je mwen:
For there are those, of whom I have given you word before, and do so now with sorrow, who are haters of the cross of Christ;
 πολλοι γαρ περιπατουσιν ους πολλακις ελεγον υμιν νυν δε και κλαιων λεγω τους εχθρους του σταυρου του χριστου
- 19 Moun sa yo ap rive fin detwi tèt yo. Se vant yo ki bondye yo. Yo pran plezi yo nan bagay ki pou ta fè yo wont pito. Se bagay lemond ase ki nan tèt yo.
Whose end is destruction, whose god is the stomach, and whose glory is in their shame, whose minds are fixed on the things of the earth.
 ων το τελος απωλεια ων ο θεος η κοιλια και η δοξα εν τη αισχυνη αυτων οι τα επιγεια φρονουντες
- 20 Men nou menm, nou se sitwayen peyi ki nan syèl la. Se tann n'ap tann Delivrans nou, Jezikri, Seyè a, ki gen pou desann sot nan syèl la.
For our country is in heaven; from where the Saviour for whom we are waiting will come, even the Lord Jesus Christ:
 ημων γαρ το πολιτευμα εν ουρανοις υπαρχει εξ ου και σωτηρα απεκδεχομεθα κυριον ιησουν χριστον
- 21 Se li menm k'ap pran pouvwa li genyen pou soumèt tout bagay anba men l' lan, l'ap chanje vye kò tou fèb nou yo pou l' fè yo tounen tankou kò pa l' la ki gen bèl pouvwa.
By whom this poor body of ours will be changed into the image of the body of his glory, in the measure of the working by which he is able to put all things under himself.
 ος μετασχηματισει το σωμα της ταπεινωσεως ημων εις το γενεσθαι αυτο συμμορφον τω σωματι της δοξης αυτου κατα την ενεργειαν του δυνασθαι αυτον και υποταζει εαυτω τα παντα
- 1 ¶ Se pou sa, frè m' yo ak zanmi m' yo, nou menm mwen anvè wè anpil la, nou menm ki fè kè m' kontan an, nou menm ki yon lwanj pou mwen an, se konsa pou nou kenbe fèm nan lavi n'ap mennen ansanm nan Seyè a.
So my brothers, well loved and very dear to me, my joy and crown, be strong in the Lord, my loved ones.
 ωστε αδελφοι μου αγαπητοι και επιποθητοι χαρα και στεφανος μου ουτως στηκετε εν κυριω αγαπητοι

- 2 M'ap ekri de ti mo pou Evodi ak Sentich: Tanpri souple, mete nou dakò tankou de sè k'ap viv ansanm nan Seyè a.
I make request to Euodias and Syntyche to be of the same mind in the Lord.
 ευοδιαν παρακαλω και συντυχηνη παρακαλω το αυτο φρονειν εν κυριω
- 3 Ou menm tou k'ap travay ansanm avè m', mwen mande ou pou ou ede yo, paske de medam sa yo te travay di pou fè konnen bon nouvèl la ansanm ak Kleman ak tout lòt moun ki te travay ansanm avè mwen yo. Yo tout gen non yo ekri nan Liv Bondye a ki gen non moun ki gen lavi a.
And I make request to you, true helper in my work, to see to the needs of those women who took part with me in the good news, with Clement and the rest of my brother-workers whose names are in the book of life.
 και ερωτω και σε συζυγε γησιε συλλαμβανου αυταις αιτινες εν τω ευαγγελιω συνηθλησαν μοι μετα και κλημεντος και των λοιπων συνεργων μου ων τα ονοματα εν βιβλω ζωης
- 4 Se pou nou toujou kontan nan lavi n'ap mennen ansanm nan Seyè a. M'ap repete l' ankò: Fè kè nou kontan anpil.
Be glad in the Lord at all times: again I say, Be glad.
 χαιρετε εν κυριω παντοτε παλιν ερω χαιρετε
- 5 Se pou tout moun konnen nou se moun ki gen bon kè. Seyè a ap vini anvan lontan.
Let your gentle behaviour be clear to all men. The Lord is near.
 το επιεικες υμων γνωσθητω πασιν ανθρωποις ο κυριος εγγυς
- 6 Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsì tou lè n'ap lapriyè.
Have no cares; but in everything with prayer and praise put your requests before God.
 μηδεν μεριμνατε αλλ εν παντι τη προσευχη και τη δεησει μετα ευχαριστιας τα αιτηματα υμων γνωριζεσθω προς τον θεον
- 7 Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri.
And the peace of God, which is deeper than all knowledge, will keep your hearts and minds in Christ Jesus.
 και η ειρηνη του θεου η υπερευουσα παντα νουν φρουρησει τας καρδιας υμων και τα νοηματα υμων εν χριστω ιησου
- 8 Pou fini, frè m' yo, mete lide nou sou bagay ki bon, ki merite lwanj: bagay ki vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bèl, ki p'ap fè nou wont.
For the rest, my brothers, whatever things are true, whatever things have honour, whatever things are upright, whatever things are holy, whatever things are beautiful, whatever things are of value, if there is any virtue and if there is any praise, give thought to these things.
 το λοιπον αδελφοι οσα εστιν αληθη οσα σεμνα οσα δικαια οσα αγνα οσα προσφιλη οσα ευφημα ει τις αρετη και ει τις επαινος ταυτα λογιζεσθε
- 9 Fè tou sa mwen te moutre nou, ni sa nou te resevwa nan menm m', ni sa nou te tande m' di ak tou sa nou te wè m' fè. Konsa, Bondye k'ap bay kè poze a va toujou la avè nou.
The things which came to you by my teaching and preaching, and which you saw in me, these things do, and the God of peace will be with you.
 α και εμαθετε και παρελαβετε και ηκουσατε και ειδετε εν εμοι ταυτα πρασσετε και ο θεος της ειρηνης εσται μεθ υμων
- 10 ¶ Mwen pa t' manke kontan nan lavi m'ap mennen ansanm ak Seyè a, paske nou vin fè m' wè ankò jan nou pran ka mwen. Sa pa vle di nou te lage m' non. Men, nou pa t' ankò jwenn okazyon fè m' wè jan nou fèb pou mwen.
But I am very glad in the Lord that your care for me has come to life again; though you did in fact take thought for me, but you were not able to give effect to it.
 εχαρην δε εν κυριω μεγαλωσ οτι ηδη ποτε ανεθαλατε το υπερ εμου φρονειν εφ ω και εφρονειτε ηκαιρεισθε δε
- 11 Si nou wè m'ap pale konsa, se pa paske koulye a mwen nan nesosite. Paske nan lavi, m' aprann kontante tèt mwen ak sa m' genyen.
But I will not say anything about my needs, for I am able, wherever I am, to be dependent on myself.
 ουχ οτι καθ υστερησιν λεγω εγω γαρ εμαθον εν οις ειμι αυταρκης ειναι
- 12 Mwen konnen sa ki rele viv nan mizè, mwen konnen sa ki rele viv nan richès. Kit mwen pa gen ase, kit mwen gen plis pase sa m' bezwen, nan tout sikonstans m' aprann kontante tèt mwen toupatou ak sa mwen genyen.
It is the same to me if I am looked down on or honoured; everywhere and in all things I have the secret of how to be full and how to go without food; how to have wealth and how to be in need.
 οίδα δε ταπεινουσθαι οίδα και περισσευειν εν παντι και εν πασιν μεμνημαι και χορταζεσθαι και πειναν και περισσευειν και υστερεισθαι
- 13 Nenpòt sityasyon ki parèt devan mwen, m'ap degaje m', gremesi Kris la ki ban mwen fòs kouraj.
I am able to do all things through him who gives me strength.
 παντα ισχυω εν τω ενδυναμουντι με χριστω
- 8 Wi, mwen vle pou moun k'ap viv pou Bondye toupatou yo ka leve men yo anlè devan l' pou yo lapriyè san yo pa nan fè kòlè ni nan chache kont ak pesonn.
It is my desire, then, that in every place men may give themselves to prayer, lifting up holy hands, without wrath or argument.
βουλομαι ουν προσευχεσθαι τους ανδρας εν παντι τοπω επαιροντας οσιους χειρας χωρις οργης και διαλογισμου
- 9 ¶ Mwen ta renmen tou pou medam yo abiye yon jan ki kòrèk, tou senp, san fè endesans. Yo pa bezwen nan fè gwo kwafi, mete gwo bijou lò ak bèl grenn pèl ni rad ki koute chè sou yo.
And that women may be dressed in simple clothing, with a quiet and serious air; not with twisted hair and gold or jewels or robes of great price;
ωσωτως και τας γυναικας εν καταστολη κοσμιω μετα αιδους και σωφροσυνης κοσμειν εαυτας μη εν πλεγμασιν η χρυσω η μαργαριταις η ιματισμω πολυτελει
- 10 Oneman ki bon pou yon fanm ki di l'ap sèvi Bondye se fè sa ki byen.
But clothed with good works, as is right for women who are living in the fear of God.
αλλ ο πρεπει γυναιξιν επαγγελομεναις θεοσεβειαν δι εργαων αγαθων
- 11 Se pou fanm yo rete san pale, avèk soumisyon, lè y'ap resevwa enstriksyon.
Let a woman quietly take the place of a learner and be under authority.
γυνη εν ησυχια μανθανετω εν παση υποταγη
- 12 Mwen pa bay fanm yo dwa moutre pesonn anyen. Yo pa gen okenn otorite sou gason. Se pou yo rete byen trankil.
In my opinion it is right for a woman not to be a teacher, or to have rule over a man, but to be quiet.
γυναικι δε διδασκειν ουκ επιτρεπω ουδε αυθεντειν ανδρος αλλ ειναι εν ησυχια

- 13 Paske, se Adan Bondye te kreye anvan. Se apre li te fè Ev.
For Adam was first formed, then Eve;
αδαμ γαρ πρωτος επλασθη ειτα ευα
- 14 Se pa t' Adan Satan te twonpe, se fanm lan li te twonpe, se fanm lan ki te dezobeyi lòd Bondye.
And Adam was not taken by deceit, but the woman, being tricked, became a wrongdoer.
και αδαμ ουκ ηπατηθη η δε γυνη απατηθεισα εν παραβασει γεγονεν
- 15 Men, yon fanm va delivre lè la fè pitit, si l' kenbe fèm nan konfyans li, nan renmen, nan lavi l'ap mennen apa pou Bondye a, si l' rete tou senp.
But if they go on in faith and love and holy self-control, she will be kept safe at the time of childbirth.
σωθησεται δε δια της τεκνογονιας εαν μεινωσιν εν πιστει και αγαπη και αγιασμο μετα σωφορσυνης
- 1 ¶ Sa se yon pawòl ki vre: Si yon moun dèyè yon pozisyon pou l' dirije nan legliz, li dèyè yon bèl travay.
This is a true saying, A man desiring the position of a Bishop has a desire for a good work.
πιστος ο λογος ει τις επισκοπης ορεγεται καλου εργου επιθυμει
- 2 Pou yon moun chèf nan legliz, se pou l' san repwòch. Se pou l' gen yon sèl madanm. Se pou l' yon nonm serye, ki konn kenbe tèt li an plas, ki gen lòd. Se pou l' konn resevwa moun lakay li. Se pou l' konn ki jan pou l' moutre moun verite a.
The Bishop, then, is to be a man of good name, the husband of one wife, self-controlled, serious-minded, having respect for order, opening his house freely to guests, a ready teacher;
δει ουν τον επισκοπον ανεπιληπτον ειναι μιας γυναικος ανδρα νηφαλεον σωφρονα κοσμιον φιλοξενον διδακτικον
- 3 Li pa fèt pou l' renmen bwè gwòg, ni renmen fè kont. Okontrè, se pou l' gen pasyans ak kè poze. Li pa fèt pou l' renmen lajan.
Not quickly moved to wrath or blows, but gentle; no fighter, no lover of money;
μη παροινον μη πληκτην μη αισχροκερδη αλλ επιευκη αμαχον αφιλαργυρον
- 4 Se pou l' konn mennen kay li byen, fè timoun li yo obeyi l' ak respè.
Ruling his house well, having his children under control with all serious behaviour;
του ιδιου οικου καλως προϊσταμενον τεκνα εχοντα εν υποταγη μετα πασης σεμνοτητος
- 5 Paske, si yon nonm pa konn dirije pwòp fanmi l', kouman li ka dirije legliz Bondye a?
(For if a man has not the art of ruling his house, how will he take care of the church of God?)
ει δε τις του ιδιου οικου προστηναι ουκ οιδεν πως εκκλησιας θεου επιμελησεται
- 6 Fòk li pa yon nonm ki fèk konvèti. Si pa sa, lògèy ka moute l' nan tèt, la tonbe anba men m' kondannasyon ak Satan.
Not one newly taken into the church, for fear that, through his high opinion of himself, he may come into the same sin as the Evil One.
μη νεοφυτον ινα μη τυφωθεις εις κριμα εμπειση του διαβολου
- 7 Se pou li gen bon repitasyon devan moun ki pa nan legliz la, pou yo pa pase l' nan betiz, pou l' pa pran nan pèlen Satan.
And he is to have a good name among those outside the church, so that nothing may be said against him and he may not be taken by the designs of the Evil One.
δει δε αυτον και μαρτυριαν καλην εχειν απο των εξωθεν ινα μη εις ονειδισμον εμπειση και παγιδα του διαβολου
- 8 ¶ Konsa tou, se pou moun k'ap ede nan sèvis legliz la se moun ki respektab, ki pa gen de pawòl, moun ki pa bwè twòp, ki pa renmen fè lajan mal, ki p'ap kouri dèyè lajan.
Deacons, in the same way, are to be serious in their behaviour, not false in word, not given to taking much wine or greatly desiring the wealth of this world;
διακονους ωσαυτως σεμνους μη διλογους μη οινω πολλω προσεχοντας μη αισχροκερδεις
- 9 Se pou yo kenbe verite Bondye fè nou konnen an ak konsyans yo pwòp.
Keeping the secret of the faith in a heart free from sin.
εχοντας το μυστηριον της πιστεως εν καθαρα συνειδησει
- 10 Se pou nou sonde yo anvan. Si apre sa, nou pa jwenn anyen pou repwoche yo, yo ka sèvi dyak.
And let these first be put to the test; then let them become Deacons if there is nothing against them.
και ουτοι δε δοκιμαζεσθωσαν πρωτον ειτα διακονειτωσαν ανεγκλητοι οντες
- 11 Se pou madanm yo moun ki respektab, ki pa nan tripotaj; se pou yo konn kontwòle tèt yo, pou yo seryèz nan tout bagay.
Women are to be serious in behaviour, saying no evil of others, controlling themselves, true in all things.
γυναικας ωσαυτως σεμνας μη διαβολους νηφαλεους πιστας εν πασιν

- 12 Yon dyak fèt pou l' gen yon sèl madanm, se pou l' konn dirije pitit li yo ak tout kay li byen.
Let Deacons be husbands of one wife, ruling their children and their houses well.
 διακονοι εστῶσαν μιας γυναίκος ἄνδρες τέκνων καλῶς προϊστάμενοι καὶ τῶν ἰδίων οἰκῶν
- 13 Paske, dyak ki fè travay yo byen, y'a rive jwenn yon bon pozisyon pou tèt yo, y'a gen plis konfyans pou yo ka pale verite nou jwenn nan Jezikri a.
For those who have done good work as Deacons get for themselves a good position and become free from fear in the faith which is in Christ Jesus.
 οἱ γὰρ καλῶς διακονήσαντες βαθμὸν ἑαυτοῖς καλὸν περιποιούνται καὶ πολλὴν παρρησίαν ἐν πίστει τῆ ἐν χριστῷ ἰησοῦ
- 14 ¶ M'ap ekri ou lèt sa a. Men, mwen gen espwa mwen ka vin wè ou anvan lontan.
I am writing these things to you, though I am hoping to come to you before long;
 ταῦτα σοὶ γράφω ἐλπίζων εἰλθεῖν πρὸς σε ταχίον
- 15 Men, si m' pran reta, lèt sa a va fè ou konnen ki jan pou nou mennen tèt nou nan fanmi Bondye a, sa vle di nan legliz Bondye vivan an. Legliz la tankou yon potò k'ap soutni verite a.
But if I am long in coming, this will make clear to you what behaviour is right for men in the house of God, which is the church of the living God, the pillar and base of what is true.
 εἰάν τις βραδύνῃ ἵνα εἰδῆς πῶς δεῖ ἐν οἴκῳ θεοῦ ἀναστρέφεσθαι ἧτις ἐστὶν ἐκκλησία θεοῦ ζῶντος στῦλος καὶ ἐδραῖωμα τῆς ἀληθείας
- 16 Tout moun fèt pou rekonèt jan sekrè relijyon nou an se yo gwo zafè. Li te parèt tankou yon moun. Lespri a fè nou wè jan li mache dwat devan Bondye. Epi tout zanj yo te wè l' tou. Se li menm y'ap mache fè konnen nan tout nasyon. Se nan li moun toupatou mete konfyans yo. Apre sa, yo resevwa l' nan syèl la.
And without argument, great is the secret of religion: He who was seen in the flesh, who was given God's approval in the spirit, was seen by the angels, of whom the good news was given among the nations, in whom the world had faith, who was taken up in glory.
 καὶ ὁμολογούμενως μέγα ἐστὶν τὸ τῆς εὐσεβείας μυστηρίου θεοῦ ἐφανερώθη ἐν σαρκὶ ἐδικαιώθη ἐν πνεύματι ὡφθη ἀγγελοῖς ἐκηρυχθῆ ἐν ἔθνεσιν ἐπιστεύθη ἐν κόσμῳ ἀνελήφθη ἐν δόξῃ
- 1 ¶ Lespri Bondye te di sa byen klè: nan dènne tan an, gen moun k'ap lage konfyans yo nan Bondye. Yo pral obeyi yon bann lespri k'ap bay manti, yo pral swiv yon bann pawòl ki sot nan move lespri yo.
But the Spirit says clearly that in later times some will be turned away from the faith, giving their minds to spirits of deceit, and the teachings of evil spirits,
 τὸ δὲ πνεῦμα ῥητῶς λέγει ὅτι ἐν ὑστεροῖς καιροῖς ἀποστήσονται τινεὶ τῆς πίστεως προσεχόντες πνεύμασιν πλανοῖς καὶ διδασκαλίαις δαιμονίων
- 2 Y'ap kite yon bann moun ipokrit fè yo pèdi tèt yo ak manti. Konsyans moun sa yo fini, ou ta di yo boule ak yon fè cho.
Through the false ways of men whose words are untrue, whose hearts are burned as with a heated iron;
 ἐν ὑποκρίσει ψευδολογῶν κεκαυτηριασμένων τὴν ἰδίαν συνειδήσιν
- 3 Y'ap plede di sa pa bon pou moun marye, gen kalite manje moun pa gen dwa manje. Men, se Bondye ki kreye manje sa yo pou moun ki gen konfyans nan li epi ki rive konn verite a ka manje lè yo fin di Bondye mèsi.
Who keep men from being married and from taking food which God made to be taken with praise by those who have faith and true knowledge.
 κολυπόντων γὰρ μὲν ἀπεχεσθαι βρωμάτων ἃ ὁ θεὸς ἐκτίσεν εἰς μετὰληψιν μετὰ εὐχαριστίας τοῖς πιστοῖς καὶ ἐπεγνωκόσιν τὴν ἀληθειαν
- 4 Tou sa Bondye kreye bon. Nou pa fèt pou nou voye yo jete. Se pou nou asepte tout bagay san nou pa janm bliye di Bondye mèsi.
Because everything which God has made is good, and nothing is evil, if it is taken with praise:
 ὅτι πᾶν κτίσμα θεοῦ καλὸν καὶ οὐδὲν ἀποβλητὸν μετὰ εὐχαριστίας λαμβανόμενον
- 5 Se pawòl Bondye a ak lapriyè nou fè a k'ap mete yo apa pou Bondye.
For it is made holy by the word of God and by prayer.
 ἁγιαζεται γὰρ διὰ λόγου θεοῦ καὶ ἐντευξέως
- 6 ¶ Si ou moutre frè ou yo tout bagay sa yo, ou va yon bon sèvitè Jezikri. Wa swen tèt ou ak pawòl ki sot nan konfyans Bondye ak nan verite w'ap swiv deja a.
If you keep these things before the minds of the brothers, you will be a good servant of Christ Jesus, trained in the words of the faith and of the right teaching which has been your guide:
 ταῦτα ὑποτιθέμενος τοῖς ἀδελφοῖς καλὸς ἐσθὶ διακονὸς ἰησοῦ χριστοῦ ἐντρεφόμενος τοῖς λόγοις τῆς πίστεως καὶ τῆς καλῆς διδασκαλίας ἣ παρηκολούθηκας
- 7 Men, wete lide ou sou istwa san sans ki pa dakò ak konfyans nan Bondye, ak sou radòt ki pa merite repete. Toujou chache mwayen pou ou sèvi Bondye pi byen.
But have nothing to do with unclean and foolish stories. Give yourself training in religion:
 τοὺς δὲ βεβήλους καὶ γραῶδεις μῦθους παραιτοῦ γυμναζε δε σεαυτὸν πρὸς εὐσεβειαν
- 8 Si nan yon sans sa bon pou nou chache fè espò pou kenbe kò nou anfòm, sa pi bon toujou, epi nan tout sans, pou nou fè jefò nan sèvis Bondye a, paske sa ap garanti nou lavi pou koulye a ak pou tout tan.
For the training of the body is of profit for a little, but religion is of profit in every way, giving hope for the life which now is, and for that which is to come.
 ἡ γὰρ σωματικὴ γυμνασία πρὸς ὀλίγον ἐστὶν ὠφέλιμος ἡ δὲ εὐσεβεία πρὸς πάντα ὠφέλιμος ἐστὶν ἐπαγγελίαν ἐχούσα ζωῆς τῆς νῦν καὶ τῆς μελλούσης

- 9 Sa se yon pawòl ki sèten, tout moun te dwe asepte l', yo tout te dwe kwè li.
This is a true saying, in which all may put their faith.
πιστος ο λογος και πασης αποδοχης αξιος
- 10 Se poutèt sa ou wè n'ap travay di, n'ap goumen konsa. Paske, nou mete tout espwa nou nan Bondye vivan an k'ap sove tout moun, espesyalman moun ki gen konfyans nan li.
And this is the purpose of all our work and our fighting, because our hope is in the living God, who is the Saviour of all men, and specially of those who have faith.
εις τουτο γαρ και κοπιωμεν και ονειδιζομεθα οτι ηλπικαμεν επι θεω ζωντι ος εστιν σωτηρ παντων ανθρωπων μαλιστα πιστων
- 11 Se tout bagay sa yo pou ou moutre moun yo, pou ou mande yo swiv.
Let these be your orders and your teaching.
παραγγελλε ταυτα και διδασκε
- 12 Pa kite pesonn pase ou nan betiz paske ou twò jenn. Men, se pou ou tounen yon egzanp pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan jan ou mennen tèt ou, nan jan ou gen renmen, nan jan ou gen konfyans, nan jan w'ap mennen yon lavi ki dakò ak volonte Bondye.
Let no one make little of you because you are young, but be an example to the church in word, in behaviour, in love, in faith, in holy living.
μηδεις σου της νεοτητος καταφρονειτω αλλα τυπος γινου των πιστων εν λογω εν αναστροφη εν αγαπη εν πνευματι εν πιστει εν αγνεια
- 13 Pandan w'ap tann mwen vini an, pa janm sispann li Liv la pou tout moun. Ankouraje frè yo, moutre yo tout bagay.
Till I come, give attention to the reading of the holy Writings, to comforting the saints, and to teaching.
εως ερχομαι προσεχε τη αναγνωσει τη παρακλησει τη διδασκαλια
- 14 Pa neglije kado Lespri Bondye te ba ou lè chèf reskonsab yo te mete men sou tèt ou, apre pwofèt yo te fin pale pou ou.
Make use of that grace in you, which was given to you by the word of the prophets, when the rulers of the church put their hands on you.
μη αμελει του εν σοι χαρισματος ο εδοθη σοι δια προφητειας μετα επιθεσεως των χειρων του πρεσβυτεριου
- 15 Fè travay sa a ak anpil swen, bay tout tan ou pou li, pou tout moun ka wè jan w'ap fè pwogrè.
Have a care for these things; give yourself to them with all your heart, so that all may see how you go forward.
ταυτα μελετα εν τουτοις ισθι ινα σου η προκοπη φανερα η εν πασιν
- 16 Veye sou konpòtman ou, fè atansyon ak pawòl verite w'ap anonse a. Pa lage travay ou menm. Si ou fè sa konsa, wa sove tèt ou ansanm ak tout moun k'ap koute ou yo.
Give attention to yourself and your teaching. Go on in these things; for in doing so you will get salvation for yourself and for those who give hearing to you.
επεχε σεαυτω και τη διδασκαλια επιμενε αυτοις τουτο γαρ ποιων και σεαυτον σωσεις και τους ακουοντας σου
- 1 ¶ Pa fè granmoun gason yo repwòch twò di. Pale ak yo tankou ou ta pale ak papa ou. Aji ak jenn jan yo tankou si yo te frè ou;
Do not say sharp words to one who has authority in the church, but let your talk be as to a father, and to the younger men as to brothers:
πρεσβυτερω μη επιπληξης αλλα παρακαλει ως πατερα νεωτερους ως αδελφους
- 2 ak granmoun fanm yo, tankou si yo te manman ou; ak jenn fi yo, tankou si yo te sè ou, san okenn move lide.
To the older women as to mothers, to the younger as to sisters, with a clean heart.
πρεσβυτερας ως μητερας νεωτερας ως αδελφας εν παση αγνεια
- 3 ¶ Pran swen vèv ki vèv tout bon yo.
Give honour to widows who are truly widows.
χηρας τιμα τας οντως χηρας
- 4 Men, si yon vèv gen pitit, osinon pitit pitit, se pou pitit yo aprann fè tout devwa Bondye mande yo fè pou pwòp fanmi yo anvan. Konsa, y'a fè tou sa yo dwe fè pou papa yo, manman yo ak granparan yo. Se sa ki pou fè Bondye plezi.
But if any widow has children or children's children, let these see that it is right to take care of their family and their fathers and mothers: for this is pleasing in the eyes of God.
ει δε τις χηρα τεκνα η εκγονα εχει μανθανετωσαν πρωτον τον ιδιον οικον ευσεβειν και αμοιβας αποδιδουαι τοις προγονοις τουτο γαρ εστιν καλον και αποδεκτον ενωπιον του θεου
- 5 Yon fanm ki vèv tout bon, ki pa gen pesonn pou okipe l', li mete tout espwa li nan Bondye, l'ap lapriyè tout tan, l'ap mande l' konkou lajounen kou lannwit.
Now she who is truly a widow and without family puts her hope in God, giving herself to prayer day and night.
η δε οντως χηρα και μεμονωμενη ηλπικεν επι τον θεον και προσμενει ταις δεησεσιν και ταις προσευχαις νυκτος και ημερας

- 6 Men, yon vèw ki lage kò l' nan plezi, se yon vèw ki mouri, menm si l' vivan toujou.
But she who gives herself to pleasure is dead while she is living.
η δε σπαταλωσα ζωσα τεθηκεν
- 7 Men sa pou ou moutre yo, pou pesonn pa jwenn okenn repwòch pou fè yo.
Give orders to this effect, so that no evil may be said of anyone.
και ταυτα παραγγελλε ινα ανεπιληπτοι ωσιν
- 8 Si yon moun pa pran swen fanmi l', sitou moun k'ap viv lakay li, li nye konfyans li nan Bondye, li pi mal pase yon moun ki pa janm kwè nan Bondye.
If anyone has no care for his family and those in his house, he is false to the faith, and is worse than one who has no faith.
ει δε τις των ιδιων και μαλιστα των οικειων ου προνοιει την πιστιν ηρηνηται και εστιν απιστου χειρων
- 9 Pa mete okenn vèw sou lis toutotan li pa gen swasantan. Epi, se pou l' te marye yon sèl fwa.
Let no woman be numbered among the widows who is under sixty years old, and only if she has been the wife of one man,
χηρα καταλεγεσθω μη ελαττον ετων εξηκοντα γεγονυια ενος ανδρος γυνη
- 10 Se pou tout moun konnen tou sa li te fè ki byen: tankou si li elve pitit li yo byen, si l' konn resewva moun byen lakay li, si l' konn lave pye moun pèp Bondye a, si l' ede malere yo, si l' fè tout lòt kalite byen.
And if witness is given of her good works; if she has had the care of children, if she has been kind to travellers, washing the feet of the saints, helping those who are in trouble, giving herself to good works.
εν εργοις καλοις μαρτυρουμενη ει ετεκνοτροφησεν ει εξενοδοχησεν ει αγιων ποδας ενιψεν ει θλιβομενοις επηκεσεν ει παντι εργω αγαθω επηκολουθησεν
- 11 Men, pa mete okenn vèw ki poko gen laj sa a sou lis. Paske, lè anvì a pran yo pou yo marye, yo vire do bay Kris la.
But to the younger widows say No: for when their love is turned away from Christ, they have a desire to be married;
νεωτερας δε χηρας παραιτου οταν γαρ καταστρηνιασωσιν του χριστου γαμειν θελουσιν
- 12 Lè konsa yo vin antò, paske yo pa kenbe premye pwomès yo te fè l' la.
And they are judged because they have been false to their first faith;
εχουσαι κριμα οτι την πρωτην πιστιν ηθετησαν
- 13 Apre sa, yo pran abitud pèdi tan yo ap mache pòt an pòt. Sa ki pi rèd ankò, yo vin tripòt, fouyapòt. Y'ap foure bouch yo nan sa ki pa gade yo.
And they get into the way of doing no work, going about from house to house; and not only doing no work, but talking foolishly, being over-interested in the business of others, saying things which they have no right to say.
αμα δε και αργαι μανθανουσιν περιερχομεναι τας οικιας ου μονον δε αργαι αλλα και φλυαροι και περιεργοι λαλουσαι τα μη δεοντα
- 14 Se poutèt sa, mwen ta pito wè jenn vèw yo marye pou yo ka gen pitit, pou yo sa okipe kay yo. Konsa, yo p'ap bay lènmi nou yo chans pale nou mal.
So it is my desire that the younger widows may be married and have children, controlling their families, and giving the Evil One no chance to say anything against them,
βουλομαι ουν νεωτερας γαμειν τεκνογονειν οικοδεσποτειν μηδεμιαν αφορμην διδουσαι τω αντικειμενω λοιδοριας χαριν
- 15 Paske, gen vèw ki vire do yo deja, y'ap swiv Satan.
For even now some are turned away to Satan.
ηδη γαρ τινες εξετραπησαν οπισω του σατανα
- 16 Men, si yon fanm ki gen lafwa gen yon vèw nan fanmi l', se pou l' ede l', pou l' pa kite l' sou kont legliz la, pou legliz la ka ede vèw ki nan nesite tout bon yo.
If any woman of the faith has relations who are widows, let her give them help, so that the care of them does not come on the church, and so it may give help to those who are truly widowed.
ει τις πιστος η πιστη εχει χηρας επαρκειτω αυταις και μη βαρεισθω η εκκλησια ινα ταις οντως χηραις επαρκεση
- 17 ¶ Kanta chèf reskonsab yo k'ap dirije legliz la byen, se pou yo resewva yon lajan doub, sitou ansyen k'ap bay tout tan yo pou bay pawòl la ak pou fè enstriksyon moun yo.
Let rulers whose rule is good be honoured twice over, specially those whose work is preaching and teaching.
οι καλωσ προεστωτες πρεσβυτεροι διπλης τιμης αξιουσθωσαν μαλιστα οι κοπιωντες εν λογω και διδασκαλια
- 18 Se sa ki ekri nan Liv la: Pa mare bouch bèf la lè l'ap fè moulen kann lan mache. Ou ankò: Moun ki travay fèt pou resewva lajan travay li.
For the Writings say, It is not right to keep the ox from taking the grain when he is crushing it. And, The worker has a right to his reward.
λεγει γαρ η γραφη βουν αλωοντα ου φιμωσεις και αξιος ο εργατης του μισθου αυτου

- 19 Pa kite pesonn vin pote plent pou yon chèf reskonsab, e septe si moun lan gen de osinon twa temwen avè li.
Do not take as true any statement made against one in authority, but only if two or three give witness to it.
κατα πρεσβυτερου κατηγοριαν μη παραδεχου εκτος ει μη επι δυο η τριων μαρτυρων
- 20 Se pou ou fè moun ki fè peche yo repwòch devan tout moun. Konsa, lòt yo va pè.
Say sharp words to sinners when all are present, so that the rest may be in fear.
τους αμαρτανοντας ενωπιον παντων ελεγγε ινα και οι λοιποι φοβον εχωσιν
- 21 Devan Bondye, devan Jezikri, devan tout zanj k'ap viv pou Bondye yo, men sa m'ap mande ou: swiv lòd sa yo san fè ni patipri ni moun pa nan tou sa w'ap fè.
I give you orders before God and Christ Jesus and the angels of God's selection, to keep these orders without giving thought to one side more than another.
διαμαρτυρομαι ενωπιον του θεου και κυριου ιησου χριστου και των εκλεκτων αγγελων ινα ταυτα φυλαξης χωρις προκριματος μηδεν ποιων κατα προσκλισιν
- 22 Pa prese mete men sou tèt yon moun pou ba l' yon chaj nan legliz la. Pa mele nan peche okenn moun. Evite tou sa ki mal.
Do not put hands on any man without thought, and have no part in other men's sins: keep yourself clean.
χειρας ταχεως μηδενι επιτιθει μηδε κοινωνει αμαρτιας αλλοτριας σεαυτον αγνον τηρει
- 23 Ak maladi lestonmak ou a, sispann bwè dlo sèlman. Bwè ti diven tou pou ede ou fè dijesyon.
Do not take only water as your drink, but take a little wine for the good of your stomach, and because you are frequently ill.
μηκετι υδροποτει αλλ οινω ολιγω χρω δια τον στομαχον σου και τας πυκνας σου ασθeneias
- 24 Gen moun, anvan menm ou jije yo, ou gen tan wè tout peche yo ak lè konsa. Gen lòt menm, se lontan apre ou wè sa yo fè ki mal.
The sins of some men are clearly seen, going before them to be judged; but with others, their sins go after them.
τινων ανθρωπων αι αμαρτιαι προδηλοι εισιν προαγουσαι εις κρισιν τισιν δε και επακολουθουσιν
- 25 Konsa tou, tout byen yon moun fè gen pou parèt ak lè, menm sa ou pa wè lapoula. Yo pa ka rete kache.
In the same way, there are good works which are clearly seen; and those which are not so, may not be kept secret.
ωσαυτως και τα καλα εργα προδηλα εστιν και τα αλλως εχοντα κρυβηναι ου δυναται
- 1 ¶ Tout moun k'ap sèvi kou domestik fèt pou gen anpil respè pou mèt yo. Konsa, pesonn p'ap kapab pale non Bondye a ni verite n'ap anonse a mal.
Let all who are servants under the yoke give all honour to their masters, so that no evil may be said against the name of God and his teaching.
οσοι εισιν υπο ζυγον δουλοι τους ιδιους δεσποτας πασης τιμης αξιους ηγεισθωσαν ινα μη το ονομα του θεου και η διδασκαλια βλασφημηται
- 2 Si yon domestik ap sèvi yon mèt ki kwè nan Bondye, li pa fèt pou l' manke l' respè sou pretèks se yon frè nan lafwa li ye. Okontrè, se lè sa a pou l' sèvi l' pi byen, paske moun l'ap rann sèvis la se yon moun ki kwè, se yon moun li renmen. Men sa ou gen pou moutre moun yo. Men sa pou ou preche yo.
And let those whose masters are of the faith have respect for them because they are brothers, working for them the more readily, because those who take part in the good work are of the faith and are dear. Give orders and teaching about these things.
οι δε πιστους εχοντες δεσποτας μη καταφρονειτωσαν οτι αδελφοι εισιν αλλα μαλλον δουλευετωσαν οτι πιστοι εισιν και αγαπητοι οι της ευεργειας αντιλαμβανομενοι ταυτα διδασκε και παρακαλει
- 3 Si yon moun ap moutre yon lòt doktrin ki pa dakò ak pawòl verite ki soti nan Jezikri a, ni avèk sa relijyon nou te montre nou an,
If any man gives different teaching, not in agreement with the true words of our Lord Jesus Christ, and with the teaching which is in agreement with true religion,
ει τις ετεροδιδασκαλει και μη προσερχεται υγιανουσιν λογιοις τοις του κυριου ημων ιησου χριστου και τη κατ ευσεβειαν διδασκαλια
- 4 se yon moun ki gen lògèy, ki pa konn anyen. Se tankou yon maladi li genyen pou l'ap diskite tout tan, pou l'ap fè kont pou nenpòt ti mo. Se sa ki lakòz moun ap fè jalouzi, y'ap fè kont, y'ap pale moun mal, yo sispèk moun pou anyen.
He has an over-high opinion of himself; being without knowledge, having only an unhealthy love of questionings and wars of words, from which come envy, fighting, cruel words, evil thoughts,
τετυφωται μηδεν επισταμενος αλλα νοσον περι ζητησεις και λογομαχιας εξ ων γινεται φθονος εις βλασφημιαι υπονοιαι πονηραι
- 5 Sa lakòz anpil moun ki gen lespri yo vire lanvè epi ki pa konnen verite a ap fè yon bann diskisyon ki pa janm fini. Pou yo, sèvis Bondye a tounen yon mwayen pou fè lajan.
Bitter talk of men who, being evil in mind and dead to what is true, take the faith to be a way of making profit.
παραδιatriβαι διεφθαρμενων ανθρωπων τον νουν και απεστερημενων της αληθειας νομιζοντων πορισμον εινα την ευσεβειαν αφιστασο απο των τοιουτων
- 6 ¶ Nan yon sans se vre. Sèvis Bondye a se yon gwo richès pou yon moun si l' kontan ak sa li genyen an.
But true faith, with peace of mind, is of great profit:
εστιν δε πορισμος μεγας η ευσεβεια μετα αυταρκειας

- 7 Nou pa t' pote anyen lè nou te vin sou latè. Pa gen anyen nou ka pote ale non plis lè n'a kite li.
For we came into the world with nothing, and we are not able to take anything out;
ουδεν γαρ εισηνεγκαμεν εις τον κοσμον δηλον οτι ουδε εξενεγκειν τι δυναμεθα
- 8 Se sak fè, si nou gen dekwa manje, si nou gen rad pou mete sou nou, sa dwe kont nou.
But if we have food and a roof over us, let that be enough.
εχοντες δε διατροφας και σκεπασματα τουτοις αρκεσησομεθα
- 9 Men, moun ki vle vin rich, yo tonbe nan tantasyon. Yo kite yon bann move lanvi san sans pran yo nan pèlen. Se lanvi sa yo k'ap fè moun pèdi tou sa yo genyen, k'ap fini nèt ak yo.
But those who have a desire for wealth are falling into danger, and are taken as in a net by a number of foolish and damaging desires, through which men are overtaken by death and destruction.
οι δε βουλομενοι πλουτειν εμπιπτουσιν εις πειρασμον και παγίδα και επιθυμιας πολλας ανοητους και βλαβεραις αιτιναις βυθιζουσιν τους ανθρωπους εις ολεθρον και απωλειαν
- 10 Paske, renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal. Gen moun ki sitèlman anvi gen lajan, yo pèdi chemen lafwa a nèt: se pa de ti soufrans ki tonbe sou yo.
For the love of money is a root of all evil: and some whose hearts were fixed on it have been turned away from the faith, and been wounded with unnumbered sorrows.
ριζα γαρ παντων των κακων εστιν η φιλαργυρια ης τινες ορεγομενοι απεπλανηθησαν απο της πιστεως και εαυτους περιπειραν οδυναις πολλαις
- 11 Men ou menm ki moun Bondye, evite tout bagay sa yo. Chache mennen yon lavi ki dwat pou ou ka sèvi Bondye nan tou sa w'ap fè, avèk konfyans, avèk renmen, avèk pasyans ak dousè.
But you, O man of God, keep yourself from these things, and go after righteousness, religion, faith, love, a quiet mind, gentle behaviour.
συ δε ω ανθρωπε του θεου ταυτα φυγε διωκε δε δικαιοσυνην ευσεβειαν πιστιν αγαπην υπομονην πραοτητα
- 12 Mennen batay pou lafwa a byen. Kenbe lavi ki p'ap janm fini an fèm. Paske, se Bondye menm ki te rele ou pou ou te konnen lavi sa a, lè ou te byen pale devan yon bann temwen, pou fè konnen jan ou gen lafwa.
Be fighting the good fight of the faith; take for yourself the life eternal, for which you were marked out, and of which you gave witness in the eyes of all.
αγωνιζου τον καλον αγωνα της πιστεως επιλαβου της αιωνιου ζωης εις ην και εκληθης και ομολογησας την καλην ομολογιαν ενωπιον πολλων μαρτυρων
- 13 ¶ Devan Bondye ki bay tout bagay lavi, devan Jezikri ki te fè yon bèl deklarasyon devan Pons Pilat pou fè wè jan li gen lafwa, men sa m'ap mande ou:
I give you orders before God, the giver of life, and Christ Jesus, who before Pontius Pilate gave witness to the faith,
παραγγελω σοι ενωπιον του θεου του ζωοποιουντος τα παντα και χριστου ιησου του μαρτυρησαντος επι ποντιου πιλατου την καλην ομολογιαν
- 14 Swiv kòmandman mwen ba ou a, pa chanje anyen ladan l' pou yo pa jwenn anyen pou repwoche ou lè Jezikri, Seyè nou an, va parèt.
To keep the word untouched by evil, clear from all shame, till the revelation of our Lord Jesus Christ:
τηρησαι σε την εντολην ασπιλον ανεπιληπτον μεχρι της επιφανειας του κυριου ημων ιησου χριστου
- 15 Lè lè a va rive, Bondye va fè nou wè l'. Se li menm ki sèl otorite, se pou li sèl nou dwe fè lwanj. Li wa tout wa, li chèf tout chèf.
Which at the right time he will make clear, who is the eternal and only Ruler, King of kings, and Lord of lords;
ην καιροις ιδιοις δειξει ο μακαριος και μονος δυναστης ο βασιλευς των βασιλευοντων και κυριος των κυριευοντων
- 16 Se sèl moun ki p'ap janm mouri, li rete nan yon limyè kote pesonn pa ka pwoche. Pesonn pa janm wè l', pesonn pa ka wè li. Se pou li tout onè ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn.
Who only has life for ever, living in light to which no man may come near; whom no man has seen or is able to see: to whom be honour and power for ever. So be it.
ο μονος εχων αθανασιαν φως οικων απροσιτον ον ειδεν ουδεις ανθρωπων ουδε ιδειν δυναται ω τιμη και κρατος αιωνιον αμην
- 17 Mande moun ki gen anpil byen sou latè a pou yo pa kite lògèy vire tèt yo. Piga yo mete espwa yo nan richès sa yo ki pa sèten. Se pou yo mete espwa yo nan Bondye ki ban nou tout bagay an kantite pou nou ka gen jwisans yo.
Give orders to those who have money and goods in this life, not to be lifted up in their minds, or to put their hope in the uncertain chances of wealth, but in God who gives us in full measure all things for our use;
τοις πλουσιοις εν τω νυν αιωνι παραγγελλε μη υψηλοφρονειν μηδε ηλικικειν επι πλουτου αδηλοτητι αλλ εν τω θεω τω ζωντι τω παρεχοντι ημιν πλουσιως παντα εις απολαυσιν
- 18 Mande yo pou yo fè anpil byen, pou yo ka rich devan Bondye. Piga yo chich. Se pou yo toujou pare pou separe sa yo genyen an ak lòt.
And to do good, having wealth in good works, being quick to give, taking part with one another;
αγαθοεργειν πλουτειν εν εργοις καλοις ευμεταδοτους ειναι κοινωνικους
- 19 Konsa, y'a anpile yon bon trezò byen solid pou pita, y'a resevwa lavi tout bon an.
Making ready for themselves a safe place for the time to come, so that the true life may be theirs.
αποθησαυριζοντας εαυτοις θεμελιον καλον εις το μελλον ινα επιλαβωνται της αιωνιου ζωης

- 20 Timote monchè, veye byen sou sa yo te renmèt ou a. Pa pèdi tan ou nan diskou san sans ki pa dakò ak verite a, ni nan diskisyon pou bagay anpil moun pran pou konesans.
O Timothy, take good care of that which is given to you, turning away from the wrong and foolish talk and arguments of that knowledge which is falsely so named;
ω τιμοθεε την παρακαταθηκην φυλαξον εκτρεπομενος τας βεβηλους κενοφονιας και αντιθεσεις της ψευδωνυμου γνωσεως
- 21 Gen moun ki konprann yo gen konesans sa a. Ale wè atò! Se kite yo kite chemen lafwa a. Benediksyon Bondye pou ou.
Through which some, who gave their minds to it, have been turned away from the faith. Grace be with you.
ην τινες επαγγελιομενοι περι την πιστιν ηστοχησαν η χαρις μετα σου αμην [προς τιμοθεον πρωτη εγγραφη απο λαοδικειας ητις εστιν μητροπολις φρυγιας της πακατιανης]
- 1 ¶ Mwen menm, Pòl, se Bondye ki te vle chwazi m' pou sèvi apòt Jezikri, pou fè konnen lavi li te pwomèt nou an, lavi li ban nou nan Jezikri a.
Paul, an Apostle of Jesus Christ by the purpose of God, in the hope of the life which is in Christ Jesus,
παυλος αποστολος ιησου χριστου δια θεληματος θεου κατ επαγγελιαν ζωης της εν χριστω ιησου
- 2 M'ap ekri ou, Timote, pitit mwen renmen anpil lan. Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, pou yo gen pitye pou ou, pou yo ba ou benediksyon ak kè poze.
To Timothy, my well-loved child: Grace, mercy, peace, from God the Father and Christ Jesus our Lord.
τιμοθεω αγαπητω τεκνω χαρις ελεος ειρηνη απο θεου πατρος και χριστου ιησου του κυριου ημων
- 3 M'ap di Bondye mèsi, Bondye zansèt mwen yo te sèvi a. Se li menm tou m'ap sèvi ak yon konsyans pwòp. Se tout tan m'ap di l' mèsi lajounen kou lannwit, chak fwa lide m' frape sou ou lè m'ap lapriyè.
I give praise to God, whose servant I have been, with a heart free from sin, from the time of my fathers, because in my prayers at all times the thought of you is with me, night and day
χαριν εχω τω θεω ω λατρευω απο προγονων εν καθαρα συνειδησει ως αδιαλειπτον εχω την περι σου μνειαν εν ταις δεησεσιν μου νυκτος και ημερας
- 4 Mwen chonje jan ou te nan lapenn. Se pa ti anvì m' anvì wè ou pou kè m' ka kontan nèt.
Desiring to see you, keeping in my memory your weeping, so that I may be full of joy;
επιποθων σε ιδειν μεμνημενος σου των δακρυων ινα χαρας πληρωθω
- 5 Mwen pa janm bliye jan ou gen konfyans nan Bondye ak tout kè ou. Lòyis, grann ou, ak Enis, manman ou, te gen konfyans konsa nan li tou. Wi, mwen sèten ou gen menm konfyans sa a tou.
Having in mind your true faith, which first was in your mother's mother Lois, and in your mother Eunice, and, I am certain, is now in you.
υπομνησιν λαμβανων της εν σοι ανυποκριτου πιστεως ητις ενωκησεν πρωτον εν τη μαμη σου λωιδι και τη μητρι σου ευνεικη πεπεισμαι δε οτι και εν σοι
- 6 ¶ Se poutèt sa, m'ap mande ou pou kenbe kado Bondye te ba ou lè m' te mete men sou tèt ou a.
For this reason I say to you, Let that grace of God which is in you, given to you by my hands, have living power.
δι ην αιτιαν αναμνησκω σε αναζωπυρειν το χαρισμα του θεου ο εστιν εν σοι δια της επιθεσεως των χειρων μου
- 7 Paske, Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontrè, Lespri Bondye a ban nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou.
For God did not give us a spirit of fear, but of power and of love and of self-control.
ου γαρ εδωκεν ημιν ο θεος πνευμα δειλιας αλλα δυναμεως και αγαπης και σωφρονισμού
- 8 Ou pa bezwen wont kanpe pale pou Seyè nou an. Ou pa bezwen wont pou mwen non plis ki nan prizon pou tèt li. Okontrè, avèk fòs kouraj Bondye ap ba ou a, se pou ou asepte soufri avè m' pou bon nouvèl la.
Have no feeling of shame, then, for the witness of our Lord or for me, his prisoner: but undergo all things for the good news in the measure of the power of God;
μη ουν επαισχυνθης το μαρτυριον του κυριου ημων μηδε εμε τον δεσμιον αυτου αλλα συγκακοπαθησον τω ευαγγελιω κατα δυναμιν θεου
- 9 Se Bondye ki delivre nou, se li menm ki rele nou pou n' ka viv pou li. Li pa t' fè sa pou nou poutèt byen nou te fè. Non, sa soti nan plan travay li menm. Se yon favè li fè nou nan Jezikri, depi lontan anvan li te kreye tout bagay.
Who gave us salvation, marking us out for his purpose, not on account of our works, but in the measure of his purpose and his grace, which was given to us in Christ Jesus before times eternal,
του σωσαντος ημας και καλεσαντος κλησει αγια ου κατα τα εργα ημων αλλα κατ ιδιαν προθεσιν και χαριν την δοθεισαν ημιν εν χριστω ιησου προ χρονων αιωνιων
- 10 Koulye a, li fè nou konnen favè sa a avèk Jezikri, Sovè nou, ki te vini an. Paske, Jezikri kraze pouvwa lanmò te genyen an. Avèk bon nouvèl la, li fè lavi ki p'ap fini nan lanmò a parèt aklè.
But has now been made clear by the revelation of our Saviour Christ Jesus, who put an end to death and made life unending come to light through the good news,
φανερωθεισαν δε νυν δια της επιφανειας του σωτηρος ημων ιησου χριστου καταργησαντος μεν τον θανατον φωτισαντος δε ζωνη και αφθαρσιαν δια του ευαγγελιου
- 11 Bondye chwazi m' pou m' anonse bon nouvèl sa a, li voye m' kòm apòt pou m' moutre li bay tout moun ki pa jwif.
Of which I was made a preacher and an Apostle and a teacher;
εις ο ετεθην εγω κηρυξ και αποστολος και διδασκαλος εθνων

- 12 Se poutèt li tou m'ap sibi tout soufrans sa yo. Men, mwen pa wont paske mwen konnen nan ki moun mwen mete konfyans mwen. Mwen sèten li gen pouvwa pou l' konsève sa l' te ban mwen an jouk gran jou a va vini.
And for which I undergo these things: but I have no feeling of shame. For I have knowledge of him in whom I have faith, and I am certain that he is able to keep that which I have given into his care till that day.
δι ην αιτιαν και ταυτα πασχω αλλ ουκ επαισχυνομαι οίδα γαρ ω πεπιστευκα και πεπεισμαι οτι δυνατος εστιν την παραθηκην μου φυλαξει εις εκεινην την ημεραν
- 13 Pran egzanzp sou pawòl verite mwen te ba ou yo. Kenbe fèm nan konfyans ak nan renmen nou jwenn nan Jezikri.
Keep the form of those true words which you had from me, in faith and love which is in Christ Jesus.
υποτυπωσιν εχε υγιαινωντων λογων ων παρ εμου ηκουσας εν πιστει και αγαπη τη εν χριστω ιησου
- 14 Ak lasistans Sentespri ki nan kè ou la, kenbe tout bon pawòl yo te moutre ou yo tankou yon depo ki sou kont ou.
That good thing which was given to you keep safe, through the Holy Spirit which is in us.
την καλην παρακαταθηκην φυλαξον δια πνευματος αγιου του ενοικουντος εν ημιν
- 15 ¶ Ou te pran nouvèl la, pa vre? Tout moun nan pwovens Lazi yo lage m' pou kont mwen, ata Fijèl ak Emojèn.
You have had news that all those in Asia went away from me; among whom are Phygelus and Hermogenes:
οιδας τουτο οτι απεστραφησαν με παντες οι εν τη ασια ων εστιν φυγελλος και ερμογενης
- 16 Mwen mande Seyè a pou li gen pitye pou moun lakay Onezifò yo. Paske, anpil fwa Onezifò vin konsòle mwen. Li pa t' wont mwen dèske mwen te nan prizon.
May the Lord give mercy to the house of Onesiphorus because he frequently gave me help, and had no feeling of shame because I was in chains;
δωη ελεος ο κυριος τω ονησιφορου οικω οτι πολλακις με ανεψυξεν και την αλυσιν μου ουκ επησχυθη
- 17 Okontrè, lè li rive lavil Wòm, li touye tèt li chache m' jouk li jwenn mwen.
But when he was in Rome, he went in search of me everywhere, and came to me
αλλα γενομενος εν ρωμη σπουδαιοτερον εξητησεν με και ευρεν
- 18 Se pou Seyè Jezi fè Bondye gen pitye pou li lè gran jou a va rive. Ou chonje tout sèvis li te rann mwen lavil Efèz?
(May he have the Lord's mercy in that day); and of all he did for me at Ephesus you have full knowledge.
δωη αυτω ο κυριος ευρειν ελεος παρα κυριου εν εκεινη τη ημερα και οσα εν εφεσω διηκονησεν βελτιον συ γνωσκεις
- 1 ¶ Ou menm, pitit mwen, pran fòs kouraj nan favè nou resevwa nan lavi n'ap mennen ansanm ak Jezikri a.
So then, my child, be strong in the grace which is in Christ Jesus.
συ ουν τεκνον μου ενδυναμου εν τη χαριτι τη εν χριστω ιησου
- 2 Sa ou te tande m' di ou devan anpil temwen, se pou ou renmèt yo bay lòt moun serye ou konnen ki ka moutre lòt moun yo tou.
And the things which I have said to you before a number of witnesses, give to those of the faith, so that they may be teachers of others.
και α ηκουσας παρ εμου δια πολλων μαρτυρων ταυτα παραθου πιστοις ανθρωποις οτινες ικανοι εσονται και ετερους διδαξαι
- 3 Tankou yon bon sòlda Jezikri, asepte tout soufrans ki vin pou ou.
Be ready to do without the comforts of life, as one of the army of Christ Jesus.
συ ουν κακοπαθησον ως καλος στρατιωτης ιησου χριστου
- 4 Lè yon sòlda desèvis, li pa pral chaje tèt li ak pwoblèm lavi si li vle fè chèf li plezi.
A fighting man, when he is with the army, keeps himself free from the business of this life so that he may be pleasing to him who has taken him into his army.
ουδεις στρατευομενος εμπλεκεται ταις του βιου πραγματειαις ινα τω στρατολογησαντι αρεση
- 5 Lè yon moun ap aprann kouri pou l' ka patisipe nan yon konkou, li p'ap ka genyen si li pa kouri dapre regleman konkou a.
And if a man takes part in a competition he does not get the crown if he has not kept the rules.
εαν δε και αθλη τις ου στεφανουται εαν μη νομιμως αθληση
- 6 Kiltivatè ki travay di a, se li menm an premye ki pou resevwa pa l' nan rekòt la.
It is right for the worker in the fields to be the first to take of the fruit.
τον κοπιωντα γεωργον δει πρωτον των καρπων μεταλαμβανειν

- 7 Fè tèt ou travay sou sa m' ap di ou la a. Seyè a va fè ou konprann tout bagay.
Give thought to what I say; for the Lord will give you wisdom in all things.
νοι α λεγω δωη γαρ σοι ο κυριος συνεσιν εν πασιν
- 8 ¶ Toujou chonje pitit pitit David la, Jezikri, ki te leve soti vivan nan lanmò, jan sa di nan bon nouvèl la.
Keep in mind Jesus Christ, of the seed of David, who came back from the dead, as my good news gives witness:
μνημονευε ιησουν χριστον εγγηγεμενον εκ νεκρων εκ σπερματος δαβιδ κατα το ευαγγελιον μου
- 9 Se paske m'ap anonse bon nouvèl sa a kifè m'ap soufri konsa, kifè mwen nan prizon tankou yon malfektè. Men, pawòl Bondye a pa nan chenn.
In which I put up with the hardest conditions, even prison chains, like one who has done a crime; but the word of God is not in chains.
εν ω κακοπαθω μεχρι δεσμων ως κακουργος αλλ ο λογος του θεου ου δεδετα
- 10 Se poutèt sa m'ap sipòte bagay sa yo pou sa ka tounen yon byen pou moun Bondye chwazi yo, pou yo menm tou yo ka delivre gremesi Jezikri, pou yo ka resevou a bèl pouvwa ki la pou tout tan an.
But I undergo all things for the saints, so that they may have salvation in Christ Jesus with eternal glory.
δια τουτο παντα υπομενω δια τους εκλεκτους ινα και αυτοι σωτηριας τυχωσιν της εν χριστω ιησου μετα δοξης αιωνιου
- 11 Sa se pawòl sèten: Si nou mouri ansanm avè l', n'a viv ansanm avè l' tou.
This is a true saying: If we undergo death with him, then will we be living with him:
πιστος ο λογος ει γαρ συναπεθανομεν και συζησομεν
- 12 Si nou kenbe l' fèm nan soufrans nou, n'a gouvènènan ansanm avè l' tou. Si nou lage l', la lage nou tou.
If we go on to the end, then we will be ruling with him: if we say we have no knowledge of him, then he will say he has no knowledge of us:
ει υπομενομεν και συμβασιλευσομεν ει αρνουμεθα κακεινος αρνησεται ημας
- 13 Si nou pa kenbe pawòl nou, li menm l'ap toujou kenbe pawòl pa li, paske Bondye pa kapab demanti tèt li.
If we are without faith, still he keeps faith, for he will never be untrue to himself.
ει απιστουμεν εκεινος πιστος μενει αρνησασθαι εαυτον ου δυναται
- 14 ¶ Fè tout moun chonje bagay sa yo. Pran Bondye pou temwen, pale yo pou yo pa diskite sou mo. Diskisyon sa yo pa rapòte anyen. Se pèdi y'ap pèdi moun ki koute yo.
Put these things before them, giving them orders in the name of the Lord to keep themselves from fighting about words, which is of no profit, only causing error in their hearers.
ταυτα υπομνησκε διαμαρτυρομενος ενωπιον του κυριου μη λογομαχειν εις ουδεν χρησιμον επι καταστροφη των ακουοντων
- 15 Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men Bondye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè ki fè konnen pawòl verite Bondye a jan l' ye a.
Let it be your care to get the approval of God, as a workman who has no cause for shame, giving the true word in the right way.
σπουδασον σεαυτον δοκιμον παραστησαι τω θεω εργατην ανεπαισχυντον ορθοτομουνα τον λογον της αληθειας
- 16 Evite diskou san sans ki pa dakò ak verite lafwa a, paske moun k'ap fè diskisyon sa yo se kite yo kite Bondye pi lwen chak jou.
But take no part in wrong and foolish talk, for those who do so will go farther into evil,
τας δε βεβηλους κενοφωνιας περιστασο επι πλειον γαρ προκοψουσιν ασεβειας
- 17 Pawòl y'ap di yo, se tankou yon maladi k'ap manje tout kò yo. Nan moun sa yo gen Imene ak Filèt.
And their words will be like poisoned wounds in the flesh: such are Hymenaeus and Philetus;
και ο λογος αυτων ως γαγγραινα νομην εξει ων εστιν υμεναιος και φιλητος
- 18 Yo tou de vire do bay verite a, y'ap plede fè anpil lòt moun pèdi konfyans nan Bondye. Y'ap mache di: Nou leve soti vivan nan lanmò deja.
Men whose ideas are all false, who say that the coming back from the dead has even now taken place, overturning the faith of some.
οιτινες περι την αληθειαν ηστοχησαν λεγοντες την αναστασιν ηδη γεγονενα και ανατρεπουσιν την τινων πιστιν
- 19 ¶ Men, pa pè. Fondasyon solid Bondye te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li: Mèt la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di se pou Seyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal.
But God's strong base is unchanging, having this sign, The Lord has knowledge of those who are his: and, Let everyone by whom the name of the Lord is named be turned away from evil.
ο μεντοι στερεος θεμελιος του θεου εστηκεν εχων την σφραγιδα ταυτην εγνω κυριος τους οντας αυτου και αποστητω απο αδικιας πας ο ονομαζων το ονομα χριστου
- 20 Nan yon gwo kay, gen tout kalite veso: genyen ki fèt an lò osinon an lajan, genyen ki fèt an bwa osinon an tè. Gen ladan yo ki sèvi pou okazyon espesyal. Gen lòt se pou sèvis òdenè.
Now in a great house there are not only vessels of gold and silver, but others of wood and earth, and some which are honoured and some without honour.
εν μεγαλη δε οικια ουκ εστιν μονον σκευη χρυσα και αργυρα αλλα και ξυλινα και οστρακινα και α μεν εις τιμην α δε εις ατιμιαν

- 21 Si yon moun kenbe kò l' pou l' pa fè sa ki mal, y'a fè l' fè yon travay espesyal. Paske lè sa a l'ap mete tèt li apa nèt pou Mèt li, la itil Mèt la, l'ap pare pou l' fè nenpòt bagay ki byen.
If a man makes himself clean from these, he will be a vessel for honour, made holy, ready for the master's use, ready for every good work.
εαν ουν τις εκκαθαρη εαυτον απο τούτων εσται σκευος εις τιμην ηγιασμενον και ευχρηστον τω δεσποτη εις παν εργον αγαθον ητοιμασμενον
- 22 ¶ Pa kite lanvi ki nan kè jenn moun yo pran pye sou ou. Rete lwen yo. Men, mete tèt ou ansanm ak moun ki gen kè yo nan kondisyon pou sèvi Bondye moun k'ap rele Bondye, k'ap chache fè sa ki dwat devan l' epi k'ap chache gen konfyans, renmen ak kè poze.
But keep yourself from those desires of the flesh which are strong when the body is young, and go after righteousness, faith, love, peace, with those whose prayers go up to the Lord from a clean heart.
τας δε νεωτερικας επιθυμιας φευγε διωκε δε δικαιοσυνην πιστιν αγαπην ειρηνην μετα των επικαλουμενων τον κυριον εκ καθαρας καρδιας
- 23 Men, pa mele nan diskisyon san sans moun fou yo. Ou konnen sa toujou fini nan kont.
And put away foolish and uncontrolled questionings, seeing that they are a cause of trouble.
τας δε μωρας και απαιδευτους ζητησεις παραιτου ειδως οτι γεννωσιν μαχας
- 24 Yon moun k'ap sèvi Bondye pa fèt pou nan kont. Se pou l' viv byen ak tout moun, se pou l' konn ki jan yo fè enstriksyon moun, se pou l' gen pasyans.
For it is not right for the Lord's servant to make trouble, but he is to be gentle to all, ready in teaching, putting up with wrong,
δουλον δε κυριου ου δει μαχεσθαι αλλ ηπιον ειναι προς παντας διδακτικον ανεξικακον
- 25 Se pou l' korije moun ki pa dakò avè l' avèk dousè. Ou pa janm konnen: Bondye ka ba yo yon chans pou yo chanje jan y'ap viv la, pou yo vin konn verite a.
Gently guiding those who go against the teaching; if by chance God may give them a change of heart and true knowledge,
εν πραοτητι παιδευοντα τους αντιδιατιθεμενους μηποτε δω αυτοις ο θεος μετανοιαν εις επιγνωσιν αληθειας
- 26 Lè konsa, y'a reprann bon sans yo, y'a chape kò yo soti nan pèlen Satan ki te mete men sou yo pou l' te fè yo fè sa l' vle.
And so they may get themselves free from the net of the Evil One, being made the prisoners of the Lord's servant, for the purpose of God.
και ανανηψωσιν εκ της του διαβολου παγιδος εξωγρημενοι υπ αυτου εις το εκεινου θελημα
- 1 ¶ Mete sa byen nan tèt ou: nan dènye jou yo, tan an pral difisil anpil.
But be certain of this, that in the last days times of trouble will come.
τουτο δε γινωσκει οτι εν εσχαταις ημεραις ενστησονται καιροι χαλεποι
- 2 Moun pral fè rayisab, y'ap renmen lajan, y'ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y'ap pale Bondye mal, y'ap dezobeyi papa ak manman yo, y'ap engra, y'ap san okenn respè pou bagay Bondye.
For men will be lovers of self, lovers of money, uplifted in pride, given to bitter words, going against the authority of their fathers, never giving praise, having no religion,
εσονται γαρ οι ανθρωποι φιλαυτοι φιλαργυροι αλαζονες υπερηφανοι βλασφημοι γονευσιν απειθεις αχαριστοι ανοσοι
- 3 Kè yo ap di, y'ap san pitye, y'ap pale moun mal, y'ap fè gwo kòlè, y'ap brital. Yo p'ap vle wè sa ki byen menm.
Without natural love, bitter haters, saying evil of others, violent and uncontrolled, hating all good,
αστοργοι ασπονδοι διαβολοι ακρατεις ανημεροι αφιλαγαθοι
- 4 Y'a mòde an trèt, y'a fè kòlè fasil, lògèy va gonfle lestonmak yo. Y'ap pito plezi pase sèvis Bondye.
False to their friends, acting without thought, lifted up in mind, loving pleasure more than God;
προδοται προπετεις τετυφωμενοι φιληδονοι μαλλον η φιλοθειοι
- 5 Y'ap fè tankou y'ap sèvi Bondye. Men, yo pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre. Pa mele ak moun konsa menm.
Having a form of religion, but turning their backs on the power of it: go not with these.
εχοντες μορφωσιν ευσεβειας την δε δυναμιν αυτης ηρημενοι και τούτους αποτρεπου
- 6 Gen ladan yo k'ap antre lakay moun pou pran tèt medam ki fèb yo, ki gen konsyans yo chaje anba peche epi k'ap kite tout kalite move lanvi mennen lavi yo.
For these are they who go secretly into houses, making prisoners of foolish women, weighted down with sin, turned from the way by their evil desires,
εκ τούτων γαρ εισιν οι ενδονοντες εις τας οικιας και αιχμαλωτευοντες τα γυναικαρια σεσωρευμενα αμαρτιας αγομενα επιθυμιας ποικιλιας
- 7 Medam sa yo toujou ap chache konnen. Men, yo pa janm ka rive konnen verite a.
Ever learning, and never coming to the knowledge of what is true.
παντοτε μανθανοντα και μηδεποτε εις επιγνωσιν αληθειας ελθειν δυναμενα

- 8 Menm jan ou te wè Janès ak Janbrès t'ap fè Moyiz opozisyon an, konsa tou moun sa yo ap fè verite a opozisyon. Se yon bann moun ki gen lespri yo deraye. Bondye voye yo jete paske yo pa gen konfyans tout bon nan li.
And as James and Jambres went against Moses, so do these go against what is true: men of evil minds, who, tested by faith, are seen to be false.
 ον τροπον δε ιαννης και ιαμβρης αντεστησαν μουσει ουτως και ουτοι ανθιστανται τη αληθεια ανθρωποι κατεφθαρμενοι τον νουν αδοκιμοι περι την πιστιν
- 9 Men, yo p'ap rive lwen, paske tout moun pral rekonèt jan yo pèdi tèt yo, menm jan sa te rive pou Janès ak Janbrès.
But they will go no farther: for their foolish behaviour will be clear to all men, as theirs was in the end.
 αλλ ου προκοψουσιν επι πλειον η γαρ ανοια αυτων εκδηλος εσται πασιν ως και η εκεινων εγενετο
- 10 ¶ Men, ou menm, ou te swiv mwen pye pou pye nan tout bagay: nan verite mwen moutre moun yo, nan jan mwen mennen lavi mwen, nan lide m' mete nan tèt mwen, nan konfyans mwen gen nan Bondye, nan pasyans mwen, nan renmen mwen gen nan kè m', nan jan mwen kenbe fèm,
But you took as your example my teaching, behaviour, purpose, and faith; my long waiting, my love, my quiet undergoing of trouble;
 συ δε παρηκολουθηκας μου τη διδασκαλια τη αγωγη τη προθεσει τη πιστει τη μακροθυμια τη αγαπη τη υπομονη
- 11 nan pèsekisyon mwen ak nan souffrans mwen. Ou konnen tou sa ki te rive m' Antiòch, Ikonìom ak List, ki kalite pèsekisyon mwen te sipòte. Men, Bondye te delivre m' anba yo tout.
My punishments and pain; the things which came to me at Antioch, at Iconium, at Lystra; the cruel attacks made on me: and the Lord made me free from them all.
 τοις διωγμοις τοις παθημασιν οια μοι εγενετο εν αντιοχεια εν ικονιω εν λυστροις οιους διωγμους υπηνεγκα και εκ παντων με ερρυσατο ο κυριος
- 12 Tout moun ki vle viv nan sèvis Bondye ansanm ak Jezikri gen pou souffri pèsekisyon.
Yes, and all whose purpose is to be living in the knowledge of God in Christ Jesus, will be cruelly attacked.
 και παντες δε οι θελοντες ευσεβως ζην εν χριστω ιησου διωχθησονται
- 13 Men, mechan k'ap fè bagay pou twonpe moun yo pral pi lwen toujou nan mechanste yo, yo toujou ap twonpe moun, y'ap kite moun twonpe pwòp tèt yo tou.
Evil and false men will become worse and worse, using deceit and themselves overcome by deceit.
 πονηροι δε ανθρωποι και γοητες προκοψουσιν επι το χειρον πλανωντες και πλανωμενοι
- 14 Kanta ou menm, se pou ou kenbe fèm sa yo te moutre ou la, sa ou te resewva ak fèm konviksyon, paske ou konnen nan men ki moun ou te aprann yo.
But see that you keep to the teaching you have been given and the things of which you are certain, conscious of who has been your teacher;
 συ δε μενε εν οις εμαθες και επιστωθης ειδως παρα τινος εμαθες
- 15 Depi ou te tou piti ou konnen sa ki nan Liv Bondye a. Se liv sa a k'ap ba ou bon konprann, bon konprann ki fè moun rive delivre, gremesi konfyans yo gen nan Jezikri.
And that from the time when you were a child, you have had knowledge of the holy Writings, which are able to make you wise to salvation, through faith in Christ Jesus.
 και οτι απο βρεφους τα ιερα γραμματα οιδας τα δυναμενα σε σοφισαι εις σωτηριαν δια πιστεως της εν χριστω ιησου
- 16 Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye.
Every holy Writing which comes from God is of profit for teaching, for training, for guiding, for education in righteousness:
 πασα γραφη θεοπνευστος και ωφελιμος προς διδασκαλιαν προς ελεγχον προς επανορθωσιν προς παιδειαν την εν δικαιοσυνη
- 17 Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.
So that the man of God may be complete, trained and made ready for every good work.
 ινα αρτιος η ο του θεου ανθρωπος προς παν εργον αγαθον εξηρτισμενος
- 1 ¶ Men sa m'ap mande ou, devan Bondye ak devan Jezikri ki gen pou vini tankou yon wa pou jije tout moun, ni sa ki vivan ni sa ki mouri:
I give you orders, before God and Christ Jesus, who will be the judge of the living and the dead, and by his revelation and his kingdom;
 διαμαρτυρομαι ουν εγω ενωπιον του θεου και του κυριου ιησου χριστου του μελλοντος κρινειν ζωντας και νεκρους κατα την επιφανειαν αυτου και την βασιλειαν αυτου
- 2 Fè konnen pawòl Bondye a, mache bay li san pran souf, nan tout sikonstans, tan an te mèt bon li te mèt pa bon. Bay tout kalite prèv, rale zòrèy, bay konsèy, moutre moun yo verite a avèk pasyans nèt ale.
Be preaching the word at all times, in every place; make protests, say sharp words, give comfort, with long waiting and teaching;
 κηρυξον τον λογον επιστηθι ευκαιρως ακαιρως ελεγξον επιτιμησον παρακαλεσον εν παση μακροθυμια και διδαχη
- 3 Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tande.
For the time will come when they will not take the true teaching; but, moved by their desires, they will get for themselves a great number of teachers for the pleasure of hearing them;
 εσται γαρ καιρος οτε της υγιαινουσης διδασκαλιας ουκ ανεξονται αλλα κατα τας επιθυμιας τας ιδιας εαυτοις επισωρευουσιν διδασκαλους κνηθομενοι την ακοην

- 4 Yo p'ap vle tande verite a, y'a pito koute istwa ki pa vre.
And shutting their ears to what is true, will be turned away to belief in foolish stories.
 και απο μεν της αληθειας την ακοην αποστρεψουσιν επι δε τους μυθους εκτραπησονται
- 5 Men, ou menm, kenbe tèt ou an plas nan tout sikonstans. Sipòte tout kalite soufrans. Fè travay moun k'ap anonse bòn nouvèl la. Fè devwa ou ak tout kè ou, tankou yon sèvitè Bondye.
But be self-controlled in all things, do without comfort, go on preaching the good news, completing the work which has been given you to do.
 συ δε νηφε εν πασιν κακοπαθησον εργων ποιησον ευαγγελιστου την διακονιαν σου πληροφορησον
- 6 Pou mwen menm, lè a rive kote yo pral ofri m' tankou bèt y'ap ofri bay Bondye, lè a vini pou m' kite lavi sa a/.
For I am even now being offered, and my end is near.
 εγω γαρ ηδη σπενδομαι και ο καιρος της εμης αναλυσεως εφεστηκεν
- 7 Mwen fin mennen batay la byen mennen, mwen rive nan bout kous mwen, mwen kenbe konfyans mwen fèm nan Bondye.
I have made a good fight, I have come to the end of my journey, I have kept the faith:
 τον αγωνα τον καλον ηγωνισμαι τον δρομον τετελεκα την πιστιν τετηρηκα
- 8 Koulye a, se rekonpans mwen m'ap tann pou lavi dwat mwen te mennen an. Lè gran jou a va rive, Seyè k'ap jije san patipri a ap mete rekonpans mwen an tankou yon kouwòn sou tèt mwen. Men, se pa mwen ase l'ap bay li. Tout moun k'ap tann ak tout kè yo lè la gen pou l' parèt la, va resevwa l' tou.
From now on, the crown of righteousness is made ready for me, which the Lord, the upright judge, Will give to me at that day: and not only to me, but to all those who have had love for his revelation.
 λοιπον αποκειται μοι ο της δικαιοσυνης στεφανος ον αποδοσει μοι ο κυριος εν εκεινη τη ημερα ο δικαιος κριτης ου μονον δε εμοι αλλα και πασιν τοις ηγαπηκοσιν την επιφανειαν αυτου
- 9 ¶ Fè posib ou vin jwenn mwen touswit.
Do your best to come to me before long:
 σπουδασον ελθειν προς με ταχεως
- 10 Paske, Demas lage m', li te renmen bagay ki nan lemòn lan twòp. Li pati, li ale Tesalonik. Kresan pou tèt pa l' al nan peyi Galasi, Tit ale Dalmasi.
For Demas has gone away from me, for love of this present life, and has gone to Thessalonica: Crescens has gone to Galatia, Titus to Dalmatia.
 δημας γαρ με εγκατελειπεν αγαπησας τον νυν αιωνα και επορευθη εις θεσσαλονικην κρησκης εις γαλατιαν τιτος εις δαλματιαν
- 11 Se Lik sèlman ki la avèk mwen. Pran Mak avèk ou lè w'ap vini. La ban m' yon bon kout men nan travay la.
Only Luke is with me. Get Mark and take him with you; for he is of use to me in the work.
 λουκας εστιν μονος μετ εμου μαρκον αναλαβων αγε μετα σεαυτου εστιν γαρ μοι ευχρηστος εις διακονιαν
- 12 Mwen voye Tichik lavil Efèz.
Tychicus I sent to Ephesus.
 τυχηκον δε απεστειλα εις εφεσον
- 13 Lè w'ap vini, pase pran gwo manto mwen te kite lakay Kapis, lavil Troas, pote l' pou mwen. Pote Liv yo tou, espesyalman sa ki fèt ak po bèt yo.
The coat which I did not take from Troas and which is with Carpus, get when you come, and the books, specially the papers.
 τον φαιλονην ον απελπον εν τρωαδι παρα καρπω ερχομενος φερε και τα βιβλια μαλιστα τας μεμβραναις
- 14 Aleksann, bès fòjon an, fè m' anpil tò. Seyè a va ba l' sa l' merite dapre sa l' fè a.
Alexander the copper-worker did me much wrong: the Lord will give him the reward of his works:
 αλεξανδρος ο χαλκευς πολλα μοι κακα ενδειξατο αποδωη αυτω ο κυριος κατα τα εργα αυτου
- 15 Pran prekosyon ou avè l', ou menm tou. Paske li pa t' vle tande sa n'ap di a menm.
But be on the watch for him, for he was violent in his attacks on our teaching.
 ον και συ φυλασσου λιαν γαρ ανθεστηκεν τοις ημετεροις λογοις
- 16 ¶ pa t' gen pesonn pou ede m' premye jou mwen t'ap fè defans mwen devan chèf yo. Tout moun kite m' pou kont mwen. Mwen mande Bondye pou l' padonnen yo sa.
At my first meeting with my judges, no one took my part, but all went away from me. May it not be put to their account.
 εν τη πρωτη μου απολογία ουδεις μοι συμπαραγενετο αλλα παντες με εγκατελιπον μη αυτοις λογισθειη

- 17 Men, Seyè a te kanpe la avè m', li ban m' fòs. Se sak fè, mwen te kapab fè konnen pawòl la nèt ale, pou tout moun ki pa jwif yo te ka tandè li. Se konsa Bondye wete m' nan bouch Lyon an.
But the Lord was by my side and gave me strength; so that through me the news might be given out in full measure, and all the Gentiles might give ear: and I was taken out of the mouth of the lion.
ο δε κυριος μοι παρεστη και ενεδυναμωσεν με ινα δι εμου το κηρυγμα πληροφορηθη και ακουση παντα τα εθνη και ερρυσθην εκ στοματος λεοντος
- 18 Seyè a va toujou delivre m' nan tout move pa. L'ap konsève m' pou m' ka antre nan peyi kote li wa nan syèl la. Se pou li tout lwanj pou tout tan. Amèn.
The Lord will keep me safe from every evil work and will give me salvation in his kingdom in heaven: to whom be glory for ever and ever. So be it.
και ρυσεται με ο κυριος απο παντος εργου πονηρου και σωσει εις την βασιλειαν αυτου την επουρανιον ω η δοξα εις τους αιωνας των αιωνων αμην
- 19 Di Priska ak Akilas bonjou pou mwen, ansanm ak tout moun ki lakay Onesifò yo.
Give my love to Prisca and Aquila and those of the house of Onesiphorus.
ασπασαι πρισκαν και ακυλαν και τον ονησιφορου οικον
- 20 Eras te rete Korent. Mwen te blije kite Twofim lavil Milè paske li te malad.
Erastus was stopping at Corinth; but Trophimus, when I last saw him was at Miletus, ill.
εραστος εμεινεν εν κορινθω τροφιμον δε απελπον εν μιλητω ασθενουντα
- 21 Fè posib ou pou ou vin jwenn mwen anvan sezon fredy a rive. Ebilis, Pidans, Lenis, Klodya ak tout lòt frè yo voye bonjou pou ou.
Do your best to come before the winter. Eubulus sends you his love, and Pudens and Linus and Claudia, and all the brothers.
σπουδασον προ χειμωνος ελθειν ασπαζεται σε ευβουλος και πουδης και λινος και κλαυδια και οι αδελφοι παντες
- 22 Mwen mande Seyè a pou l' toujou la avèk ou. benediksyon Bondye avèk nou tout. Amèn.
The Lord be with your spirit. Grace be with you.
ο κυριος ιησους χριστος μετα του πνευματος σου η χαρις μεθ υμων αμην [προς τιμοθεον δευτερα της εφεσιων εκκλησιας πρωτον επισκοπον χειροτονηθεντα εγραφη απο ρωμης οτε εκ δευτερου παρσε τη παυλος τω καισαρι νερωνι]
- 1 ¶ Mwen menm, Pòl, mwen se sèvitè Bondye, yon apòt Jezikri. Se Bondye menm ki voye m' pou m' ede moun li chwazi yo rive gen konfyans nan li, pou m' fè yo konnen verite a jan n'ap viv li nan sèvis Bondye,
Paul, a servant of God, and an Apostle of Jesus Christ, in agreement with the faith of the saints of God and the full knowledge of what is true in harmony with religion,
παυλος δουλος θεου αποστολος δε ιησου χριστου κατα πιστιν εκλεκτων θεου και επιγνωσιν αληθειας της κατ ευσεβειαν
- 2 pou yo ka gen espwa resevwa lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa janm manti, li te pwòmèt lavi sa a depi lontan anvan li te kreye tout bagay.
In the hope of eternal life, which was made certain before eternal time, by the word of God who is ever true;
επ ελπιδι ζωης αιωνιου ην επηγγειλατο ο απευδης θεος προ χρονων αιωνιων
- 3 Lè lè li te fikse a rive, li fè nou konnen lavi sa a ak pawòl li, nan mesaj li te renmèt mwen pou m' fè konnen, dapre lòd Bondye, Sovè nou an, te ban mwen.
Who, in his time, made clear his word in the good news, of which, by the order of God our Saviour, I became a preacher;
εφανερωσεν δε καιροις ιδιοις τον λογον αυτου εν κηρυγματι ο επιστευθην εγω κατ επιταγην του σωτηρος ημων θεου
- 4 M'ap ekri ou lèt sa a, Tit, pitit lejitim mwen nan konfyans nou gen ansanm lan. Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Sovè nou an, pou yo ba ou benediksyon ak kè poze.
To Titus, my true child in our common faith: Grace and peace from God the Father and Christ Jesus our Saviour.
τιτω γνησιω τεκνω κατα κοινην πιστιν χαρις ελεος ειρηνη απο θεου πατρος και κυριου ιησου χριστου του σωτηρος ημων
- 5 ¶ Mwen te kite ou nan lil Krèt pou ou te kapab òganize tou sa ki pa t' ankò fin regle. Ou te gen pou ou te mete yon gwoup ansyen alatèt legliz la nan chak vil. Chonje sa m' te di ou:
I did not take you with me when I went away from Crete, so that you might do what was necessary to put things in order there, placing men in authority over the churches in every town, as I said to you;
τουτου χαριν κατελιπον σε εν κρητη ινα τα λειποντα επιδιορθωση και καταστησης κατα πολιν πρεσβυτερους ως εγω σοι διεταξαμην
- 6 ¶ Yon ansyen, se yon moun ki pou san repwòch, ki gen yon sèl madanm. Se pou pitit li yo gen konfyans nan Bondye. Tout moun fèt pou konnen yo pou timoun ki pa nan dezòd, ki pa dezobeyisan.
Men having a good record, husbands of one wife, whose children are of the faith, children of whom it may not be said that they are given to loose living or are uncontrolled.
ει τις εστιν ανεγκλητος μιας γυναικος ανηρ τεκνα εχων πιστα μη εν κατηγορια ασωτιας η ανυποτακτα
- 7 Paske, yon moun k'ap dirije legliz la, se li ki reskonsab travay Bondye a. Se pou li san repwòch. Se pa pou li awogan, ni renmen fè kòlè, ni renmen bwè gwòg. Li pa fèt pou l' brital, ni renmen fè lajan nan move kondisyon.
For it is necessary for a Bishop to be a man of virtue, as God's servant; not pushing himself forward, not quickly moved to wrath or blows, not desiring profit for himself;
δει γαρ τον επισκοπον ανεγκλητον ειναι ως θεου οικονομον μη αυθαδη μη οργιλον μη παροινον μη πλικτην μη ασχροκερδη

- 8 Men, se pou l' konn resevwa moun lakay li. Se pou l' renmen sa ki byen, se pou li konn kenbe tèt li anplas, se pou li san patipri. Se pou l' viv apa pou Bondye, pou li konn kontwole tèt li.
But opening his house freely to guests; a lover of what is good, serious-minded, upright, holy, self-controlled;
αλλα φιλοξενον φιλαγαθον σωφρονα δικαιον οσιον εγκρατη
- 9 Se pou l' kenbe mesaj verite a byen fèm, jan Kris la te bay li a, pou l' ka ankouraje lòt yo ak pawòl verite a, pou li ka demanti moun k'ap vire pawòl la lanvè.
Keeping to the true word of the teaching, so that he may be able to give comfort by right teaching and overcome the arguments of the doubters.
αντεχομενον του κατα την διδαχην πιστου λογου ινα δυνατος η και παρακαλειν εν τη διδασκαλια τη υγιαинуση και τους αντιλεγοντας ελεγειν
- 10 Paske, gen moun ki rebèl, k'ap mache twonpe moun ak pawòl san sans. Gen anpil jwif konvèti ki konsa nan mitan yo.
For there are men who are not ruled by law; foolish talkers, false teachers, specially those of the circumcision,
εισιν γαρ πολλοι και ανυποτακτοι ματαιολογοι και φρεναπαται μαλιστα οι εκ περιτομης
- 11 Se pou nou fèmènan bouch moun sa yo, paske yo boulvèse anpil fanmi deja ak move bagay y'ap moutre moun pou yo fè lajan nan move kondisyon.
By whom some families have been completely overturned; who take money for teaching things which are not right; these will have to be stopped.
ους δει επιστομιζειν οιτινες ολους οικους ανατρεπουσιν διδασκοντες α μη δει αισχρον κερδους χαριν
- 12 Se yon moun Krèt, yonn nan pwofèt pa yo menm ki di konsa: Moun Krèt toujou ap bay manti. Se yon bann bèt sovaj, yo parese konsa. Lide yo sou manje ase.
One of their prophets has said, The men of Crete are ever false, evil beasts, lovers of food, hating work.
ειπεν τις εξ αυτων ιδιος αυτων προφητης κρητες αι ψευσαι κακα θηρια γαστερες αργαι
- 13 Sa li di a, se vre wi. Se poutèt sa, pale sevè ak yo pou yo ka sensè nan konfyans yo,
This witness is true. So say sharp words to them so that they may come to the right faith,
η μαρτυρια αυτη εστιν αληθης δι ην αιτιαν ελεγε αυτους αποτομως ινα υγιαινωσιν εν τη πιστει
- 14 pou yo pa swiv vye istwa jwif yo fè, ni kòmandman ki soti nan moun ki vire do bay verite a.
Giving no attention to the fictions of the Jews and the rules of men who have no true knowledge.
μη προσεχοντες ιουδαικοις μυθοις και εντολαις ανθρωπων αποστρεφομενων την αληθειαν
- 15 Pou yon moun k'ap fè volonte Bondye, tout bagay bon. Men, anyen pa bon pou moun k'ap fè sa ki mal, pou moun ki pa gen konfyans nan Bondye, paske lespri yo ak konsyans yo fin pran nan sa ki mal.
To the clean in heart all things are clean: but to those who are unclean and without faith nothing is clean; they become unclean in mind and in thought.
παντα μεν καθαρα τοις καθαροις τοις δε μεμιασμενοις και απιστοις ουδεν καθαρον αλλα μεμιανται αυτων και ο νους και η συνειδησις
- 16 Y'ap mache di yo konn Bondye. Men, sa y'ap fè a demanti yo. Yo bay degoutans, yo rebèl, yo pa ka fè anyen ki bon.
They say that they have knowledge of God, while by their acts they are turning their backs on him; they are hated by all, hard-hearted, and judged to be without value for any good work.
θεον ομολογουσιν ειδεναι τοις δε εργοις αρνουνται βδελυκτοι οντες και απειθεις και προς παν εργον αγαθον αδοκιμοι
- 1 ¶ Ou menm, se pou tou sa w'ap moutre moun dakò ak bon mesaj la.
But let your words be in agreement with true and right teaching:
συ δε λαλει α πρεπει τη υγιαинуση διδασκαλια
- 2 Pale ak granmoun gason yo pou yo fè tout bagay ak mezi, pou yo fè respè tèt yo, pou yo kenbe tèt yo anplas, pou yo gen yon konfyans solid nan Bondye, pou yo gen renmen nan kè yo ak anpil pasyans.
That old men are to be simple in their tastes, serious, wise, true in faith, in love, and of a quiet mind.
πρεσβυτας νηφαλιους εινα σεμνους σωφρονας υγιαινοντας τη πιστει τη αγαπη τη υπομονη
- 3 Pale ak granmoun fanm yo tou pou yo viv tankou moun k'ap viv pou Bondye tout bon vre. Yo pa dwe nan fè tripotaj, ni nan twò renmen gwòg. Okontrè, se pou yo bay bon egzanp.
That old women are to be self-respecting in behaviour, not saying evil of others, not given to taking much wine, teachers of that which is good,
πρεσβυτιδας ωσαντως εν καταστηματι ιεροπρεπεις μη διαβολους μη οινω πολλω δεδουλωμενας καλοδιδασκαλους
- 4 Konsa, lòt jenn medam yo va aprann nan men yo ki jan pou yo renmen pitit yo ak mari yo,
Training the younger women to have love for their husbands and children,
ινα σωφρονιζωσιν τας νεας φιλανδρους εινα φιλοτεκνους

- 5 ki jan pou yo kenbe tèt yo anplas, pou yo pa nan dezòd, pou yo konn okipe kay yo byen, pou yo aji ak bon kè, pou yo soumèt devan mari yo. Konsa, moun p'ap ka pale pawòl Bondye a mal.
To be wise in mind, clean in heart, kind; working in their houses, living under the authority of their husbands; so that no evil may be said of the word of God.
σωφρονας αγνας οικουρους αγαθας υποτασσομενας τοις ιδιοις ανδρασιν ινα μη ο λογος του θεου βλασφημηται
- 6 Konsa tou, pale ak jenn moun yo pou yo kenbe tèt yo anplas.
To the young men give orders to be wise and serious-minded:
τους νεωτερους ωσαντως παρακαλει σωφρονειν
- 7 Ou menm, nan tout bagay, se pou ou bay bon egzanz: toujou fè sa ki byen. Lè w'ap moutre yo kichòy, se pou ou serye: ba yo verite a san chache twonpe yo.
In all things see that you are an example of good works; holy in your teaching, serious in behaviour,
περι παντα σεαυτον παρεχομενος τυπον καλων εργων εν τη διδασκαλια αδιαφθοριαν σεμνοτητα αφθαρσιαν
- 8 Pale pawòl ki dakò ak verite a pou yo pa kritike ou. Konsa, lènmi nou yo va wont. Yo p'ap jwenn anyen pou yo di sou nou.
Saying true and right words, against which no protest may be made, so that he who is not on our side may be put to shame, unable to say any evil of us.
λογον υγι ακαταγνωστον ινα ο εξ εναντιας εντραπη μηδεν εχων περι υμων λεγειν φαυλον
- 9 Pale ak domestik yo pou yo soumèt devan mèt yo, pou yo fè mèt yo plezi nan tout bagay. Yo pa fèt pou nan bay repons ak yo.
Servants are to be under the authority of their masters, pleasing them in all things, without argument;
δουλους ιδιοις δεσποταις υποτασσεσθαι εν πασιν ευαρεστους ειναι μη αντιλεγοντας
- 10 Ni yo pa dwe nan pran sa ki pa pou yo. Okontrè, se pou yo serye tout bon nan tou sa y'ap fè. Konsa y'a fè respè mesaj Bondye, delivrans nou an, nan tout bagay.
Not taking what is not theirs, but giving clear signs of their good faith, in all things doing credit to the teaching of God our Saviour.
μη νοσφιζομενους αλλα πιστιν πασαν ενδεικνυμενους αγαθην ινα την διδασκαλιαν του σωτηρος υμων θεου κοσμωσιν εν πασιν
- 11 ¶ Bondye fè konnen favè l' pou tout moun ka delivre.
For the grace of God has come, giving salvation to all men,
επεφανη γαρ η χαρις του θεου η σωτηριος πασιν ανθρωποις
- 12 Favè Bondye a mande nou pou nou kite move lavi nou t'ap mennen an ansanm ak tout move lanvi ki nan lemond, pou nou ka mennen yon lòt lavi ki kontwole, ki dwat, ki devwe pou Bondye pandan nou sou latè a.
Training us so that, turning away from evil and the desires of this world, we may be living wisely and uprightly in the knowledge of God in this present life;
παιδευουσα ημας ινα αρνησαμενοι την ασεβειαν και τας κοσμικας επιθυμιας σωφρονως και δικαιως και ευσεβως ζησωμεν εν τω νυν αιωνι
- 13 Se konsa li moutre nou pou nou viv pandan n'ap tann benediksyon li te pwomèt nou yo, lè bèl pouvwa Jezikri, Bondye nou ak Delivrans nou, va parèt.
Looking for the glad hope, the revelation of the glory of our great God and Saviour Jesus Christ;
προσδεχομενοι την μακαριαν ελπιδα και επιφανειαν της δοξης του μεγαλου θεου και σωτηρος ημων ιησου χριστου
- 14 Li te asepte mouri pou nou pou li te ka delivre nou anba mechanste, pou li te fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen.
Who gave himself for us, so that he might make us free from all wrongdoing, and make for himself a people clean in heart and on fire with good works.
ος εδωκεν εαυτον υπερ ημων ινα λυτρωσεται ημας απο πασης ανομιας και καθαριση εαυτω λαον περιουσιον ζηλωτην καλων εργων
- 15 ¶ Se bagay sa yo pou ou moutre moun yo. Otorite yo ba ou a se pou ankouraje sa ki bezwen ankouraje, pou rale zòrèy sa ki bezwen gen zòrèy yo rale. Pa bay pesonn okazyon meprize ou.
On all these points give teaching and help, and make clear what is right with all authority. Let all men give you honour.
ταυτα λαλει και παρακαλει και ελεγγε μετα πασης επιταγης μηδεις σου περιφρονειτω
- 1 ¶ Fè yo chonje se pou yo soumèt devan tout chèf ak tout otorite, pou yo obeyi yo, pou yo toujou pare pou fè tou sa ki byen.
Make clear to them that they are to put themselves under rulers and authorities, to do what they are ordered, to be ready for every good work,
υπομνησκε αυτους αρχαις και εξουσιαις υποτασσεσθαι πειθαρχειν προς παν εργον αγαθον ετοιμους ειναι
- 2 Yo pa dwe nan pale moun mal, yo pa dwe nan fè kont ak pesonn. Se pou yo gen pasyans ak tout moun, se pou yo aji ak dousè ak tout moun.
To say no evil of any man, not to be fighters, to give way to others, to be gentle in behaviour to all men.
μηδενα βλασφημειν αμαχους ειναι επιεικεις πασαν ενδεικνυμενους πραοτητα προς παντας ανθρωπους

- 3 Paske, nou menm tou, nan tan lontan nou te tankou moun fou, nou pa t' obeyisan devan Bondye, nou te tankou moun ki pèdi chemen yo. Nou te esklav tout kalite move dezi ak move plezi. Nou t'ap viv ak mechanste, ak jalouzi nan kè nou. Moun te rayi nou, epi nou menm, nou te rayi yo tou.
For in the past we were foolish, hard in heart, turned from the true way, servants of evil desires and pleasures, living in bad feeling and envy, hated and hating one another.
ημεν γαρ ποτε και ημεις ανοητοι απειθεις πλανωμενοι δουλευοντες επιθυμιας και ηδοναις ποικιλαις εν κακια και φθονω διαγοντες στυγητοι μισουντες αλληλους
- 4 Men, lè Bondye fè nou wè jan li gen bon kè, jan li renmen tout moun,
But when the mercy of God our Saviour, and his love to man was seen,
οτε δε η χρηστοτης και η φιλανθρωπια επεφανη του σωτηρος ημων θεου
- 5 li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouwva Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan.
Not by works of righteousness which we did ourselves, but in the measure of his mercy, he gave us salvation, through the washing of the new birth and the giving of new life in the Holy Spirit,
ουκ εξ εργαων των εν δικαιοσυνη ων εποιησαμεν ημεις αλλα κατα τον αυτου ελεον εσωσεν ημας δια λουτρου παλιγγενεσιας και ανακαινωσεως πνευματος αγιου
- 6 Bondye voye Sentespri li sou nou an kantite, gremesi Jezi, Kris la, ki delivre nou.
Which he gave us freely through Jesus Christ our Saviour;
ου εξεχεεν εφ ημας πλουσιως δια ιησου χριστου του σωτηρος ημων
- 7 Avèk favè sa a Bondye fè nou an, li fè nou gras. Koulye a nou ka resevwa sa n'ap tann lan: lavi ki p'ap janm fini an.
So that, having been given righteousness through grace, we might have a part in the heritage, the hope of eternal life.
ινα δικαιωθεντες τη εκεινου χαριτι κληρονομοι γενωμεθα κατ ελπιδα ζωης αιωνιου
- 8 Sa se pawòl sèten. Mwen ta renmen ou peze sou bagay sa yo anpil pou tout moun ki mete konfyans yo nan Bondye ka okipe tout tan yo ap fè sa ki byen. Se bagay konsa ki bon, ki kapab sèvi tout moun.
This is a true saying; and it is my desire that you may give certain witness about these things, so that those who have had faith in God may give attention to good works. These things are good and of profit to men;
πιστος ο λογος και περι τουτων βουλομαι σε διαβεβαιουσθαι ινα φροντιζωσιν καλων εργαων προιστασθαι οι επιστευκοτες τω θεω ταυτα εστιν τα καλα και ωφελιμα τοις ανθρωποις
- 9 ¶ Pa antre nan okenn vye diskisyon san sans, ni nan chache konnen non gran granparan moun, ni nan chache kont, ni nan goumen pou lalwa Moyiz la. Bagay sa yo pa sèvi anyen, yo pa vo anyen.
But have nothing to do with foolish questionings, and lists of generations, and fights and arguments about the law; for they are of no profit and foolish.
μορας δε ζητησεις και γενεαλογιας και ερεις και μαχας νομικας περιστασο εισιν γαρ ανωφελεις και ματαιοι
- 10 Si yon moun vle mete divizyon, pale avè l' yon premye fwa, yon dezyèm fwa. Si li pa koute ou, pa okipe li.
A man whose opinions are not those of the church, after a first and second protest, is to be kept out of your society;
αιρετικον ανθρωπον μετα μιαν και δευτεραν νουθεσιαν παραιτου
- 11 Paske ou konnen byen yon moun konsa fin pèdi. Sè pwòp peche li yo k'ap kondannen li.
Clearly he is in error and a sinner, being self-judged.
ειδος οτι εξεστραπται ο τοιουτος και αμαρτανει ων αυτοκατακριτος
- 12 Lè m'a voye Atemas osinon Tichik ba ou, fè posib ou pou ou vin jwenn mwen lavil Nikopolis, paske se la mwen fè lide pase sezon fredy a.
When I send Artemas or Tychicus to you, do your best to come to me at Nicopolis: for it is my purpose to be there for the winter.
οταν πεμψω αρτεμαν προς σε η τυχικον σπουδασον ελθειν προς με εις νικοπολιν εκει γαρ κεκρικα παραχεμασαι
- 13 Fè sa ou kapab pou mèt Zenas, avoka a, ansanm ak Apolòs, pou yo pa manke anyen pou vwayaj yo a.
Send Zenas, the man of law, and Apollos on their journey with all care, so that they may be in need of nothing.
ζηναν τον νομικον και απολλω σπουδαιως προπεμψον ινα μηδεν αυτοις λειπη
- 14 Se pou moun nou yo aprann fè sa ki byen tou, pou yo bay lè gen ka nesosite. Yo pa fèt pou y'ap viv konsa san yo pa bay anyen.
And let our people go on with good works for necessary purposes, so that they may not be without fruit.
μανθανετωσαν δε και οι ημετεροι καλων εργαων προιστασθαι εις τας αναγκαιας χρειας ινα μη ωσιν ακαρποι
- 15 Tout moun ki avè m' yo voye bonjou pou ou. Di tout zanmi nou nan lafwa yo bonjou. Mwen mande pou Bondye ban nou tout favè li.
All who are with me send you their love. Give our love to our friends in the faith. Grace be with you all.
ασπαζονται σε οι μετ εμου παντες ασπασαι τους φιλουντας ημας εν πιστει η χαρις μετα παντων υμων αμην [προς τιτον της κρητων εκκλησιας πρωτον επισκοπον χειροτονηθεντα εγραφη απο νικοπολεως της μακεδονιας]

- 1 ¶ Mwen menm Pòl, ki nan prizon poutèt Jezikri, m'ap ekri lèt sa a, ansanm ak frè Timote, Pou Filemon, yon moun nou renmen anpil epi k'ap travay ansanm ak nou pou Seyè a, Paul, a prisoner of Jesus Christ, and Timothy our brother, to Philemon, our dear helper in the faith, παυλος δεσμιος χριστου ιησου και τιμοθεος ο αδελφος φιλημονι τω αγαπητω και συνεργω ημων
- 2 pou tout legliz la ki reyini lakay li a, pou Apya, sè nou an, ak Achip, kanmarad ki te konbat ansanm ak nou an. And to Apphia, our sister, and to Archippus, our brother in God's army, and to the church in your house: και απφια τη αγαπητη και αρχιππω τω συστρατιωτη ημων και τη κατ οικον σου εκκλησια
- 3 Nou mande Bondye, Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze. Grace to you and peace from God our Father and the Lord Jesus Christ. χαρις υμιν και ειρηνη απο θεου πατρος ημων και κυριου ιησου χριστου
- 4 Chak fwa m'ap lapriyè, mwen nonmen non ou, mwen di Bondye mèsi pou ou. I give praise to God at all times and make prayer for you, ευχαριστω τω θεω μου παντοτε μνειαν σου ποιουμενος επι των προσευχων μου
- 5 Paske m' tande jan ou renmen tout pèp Bondye a, jan ou gen konfyans nan Seyè Jezi. Hearing of the love and the faith which you have to the Lord Jesus and to all the saints; ακουων σου την αγαπην και την πιστιν ην εχεις προς τον κυριον ιησουν και εις παντας τους αγιους
- 6 M'ap mande Bondye pou konfyans nou gen ansanm nan li a ka fè nou konprann pi byen tout benediksyon nou jwenn nan lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la. That the faith which you have in common with them may be working with power, in the knowledge of every good thing in you, for Christ. οπως η κοινωνια της πιστεως σου ενεργησι γενηται εν επιγνωσει παντος αγαθου του εν υμιν εις χριστον ιησουν
- 7 Se pa ti kontan m' te kontan, sa te ankouraje m' anpil, frè mwen, lè m' tande jan ou renmen moun ki fè pati pèp Bondye a, jan ou te remoute kouraj yo anpil. For I had great joy and comfort in your love, because the hearts of the saints have been made strong again through you, brother. χαριν γαρ εχομεν πολλην και παρακλησιν επι τη αγαπη σου οτι τα σπλαγχνα των αγιων αναπεπαιται δια σου αδελφε
- 8 ¶ Se poutèt sa, atout Kris la ban m' otorite pou m' di ou sa ou gen pou ou fè, And so, though I might, in the name of Christ, give you orders to do what is right, διο πολλην εν χριστω παρρησιαν εχων επιτασσειν σοι το ανηκον
- 9 m' pito mande ou rann mwen sèvis sa a nan non Kris la ki renmen nou: wi, mwen menm Pòl, tou vye granmoun jan m' ye a, atout mwen nan prizon poutèt Jezikri, Still, because of love, in place of an order, I make a request to you, I, Paul, an old man and now a prisoner of Christ Jesus: δια την αγαπην μαλλον παρακαλω τοιουτος ων ως παυλος πρεσβυτης νυι δε και δεσμιος ιησου χριστου
- 10 m'ap mande ou yon favè pou Onezim, yon pitit mwen fè nan Kris la antan m' la nan prizon an. My request is for my child Onesimus, the child of my chains, παρακαλω σε περι του εμου τεκνου ον εγεννησα εν τοις δεσμοις μου ονησιμον
- 11 Anvan sa, li pa t' vo anyen pou ou, men koulye a, li vo kichòy ni pou ou ni pou mwen. Who in the past was of no profit to you, but now is of profit to you and to me: τον ποτε σοι αχρηστον νυι δε σοι και εμοι ευχρηστον ον ανεπεμψα
- 12 M'ap voye l' tounen ba ou koulye a tankou pitit pa mwen. Whom I have sent back to you, him who is my very heart: συ δε αυτον τουτεστιν τα εμα σπλαγχνα προσλαβου
- 13 M' ta byen renmen kenbe l' bò kote m', pou l' te ka sèvi m' nan plas ou, pandan m' nan prizon pou bon nouvèl la. Though my desire was to keep him with me, to be my servant in the chains of the good news, in your place: ον εγω εβουλομην προς εμαυτον κατεχειν ινα υπερ σου διακονη μοι εν τοις δεσμοις του ευαγγελιου
- 14 Men, m' pa vle fè anyen san konsantman ou. Mwen pa ta renmen sa sanble se fòse m'ap fòse ou rann mwen sèvis. Mwen ta pito wè ou fè l' ou menm, paske ou vle fè li. But without your approval I would do nothing; so that your good works might not be forced, but done freely from your heart. χωρις δε της σης γνωμης ουδεν ηθελησα ποιησαι ινα μη ως κατα αναγκην το αγαθον σου η αλλα κατα εκουσιον

- 15 Ou pa janm konnen si Onezim pa t' kite ou pou yon tan, pou ou te ka jwenn li ankò pou tout tan.
For it is possible that for this reason he was parted from you for a time, so that you might have him for ever;
ταχα γαρ δια τουτο εχωρισθη προς ωραν ινα αιωνιον αυτον απεχης
- 16 Paske, se pa tankou yon senp esklav ou jwenn li ankò. Koulye a, li plis pase yon esklav pou ou: se yon frè li ye pou nou nan Kris la, yon frè mwen renmen anpil. Men, ou menm ou dwe renmen li pi plis pase m' ankò. Pa sèlman tankou nenpòt ki moun, men tankou yon frè nan Seyè a.
No longer as a servant, but more than a servant, a brother, very dear to me specially, but much more to you, in the flesh as well as in the Lord.
ουκετι ως δουλον αλλ υπερ δουλον αδελφον αγαπητον μαλιστα εμοι ποσω δε μαλλον σοι και εν σαρκι και εν κυριω
- 17 Si ou konsidere m' pou zanmi ou, resevwa Onezim menm jan ou ta resevwa mwen.
If then you take me to be your friend and brother, take him in as myself.
ει ουν εμε εχεις κοινωνον προσλαβου αυτον ως εμε
- 18 Si l' te fè ou kèk bagay mal, osinon si l' dwe ou kichòy, mete sa sou kont mwen.
If he has done you any wrong or is in debt to you for anything, put it to my account.
ει δε τι ηδικησεν σε η οφειλει τουτο εμοι ελλογει
- 19 Mwen menm Pòl, m'ap ekri sa ak men pa mwen: m'a renmèt ou sa. Mwen pa kwè m' bezwen fè ou chonje jan ou dwe m' lavi.
I, Paul, writing this myself, say, I will make payment to you: and I do not say to you that you are in debt to me even for your life.
εγω παυλος εγραψα τη εμη χειρι εγω αποτισω ινα μη λεγω σοι οτι και σεαυτον μοι προσοφειλεις
- 20 Wi, frè m', fè m' favè sa a nan non Seyè a. Soulaje kè m' tankou yon frè nan Kris la dwe fè li.
So brother, let me have joy of you in the Lord: give new life to my heart in Christ.
ναι αδελφε εγω σου οναιμην εν κυριω αναπαυσον μου τα σπλαγχνα εν κυριω
- 21 Se paske mwen konnen w'ap fè sa m' mande ou la ki fè m' ekri ou lèt sa a. Mwen konnen ou va fè pi plis pase sa m' mande ou la.
Being certain that you will do my desire, I am writing to you, in the knowledge that you will do even more than I say.
πεποιθως τη υπακοη σου εγραψα σοι ειδως οτι και υπερ ο λεγω ποιησεις
- 22 An menm tan, pare yon chanm pou mwen, paske, pou lapriyè mwen konnen nou fè pou mwen, mkwè Bondye va tande nou, la fè m' favè vin jwenn nou ankò.
And make a room ready for me; for I am hoping that through your prayers I will be given to you.
αμα δε και ετοιμαζε μοι ξενιαν ελπίζω γαρ οτι δια των προσευχων υμων χαρισθησομαι υμιν
- 23 Epafras ki nan prizon ansanm ak mwen poutèt Jezi, Kris la, voye bonjou pou ou.
Epaphras, my brother-prisoner in Christ Jesus, sends you his love;
ασπαζονται σε επαφρας ο συναιχμαλωτος μου εν χριστω ιησου
- 24 Mak, Aristak, Demas ak Lik k'ap travay ansanm ak mwen, yo tout voye bonjou tou.
And so do Mark, Aristarchus, Demas, and Luke, my brother-workers.
μαρκος αρισταρχος δημας λουκας οι συνεργοι μου
- 25 Se pou benediksyon Jezikri, Seyè nou an, toujou la avèk nou. Amèn.
The grace of our Lord Jesus Christ be with your spirit. So be it.
η χαρις του κυριου ημων ιησου χριστου μετα του πνευματος υμων αμην [προς φιλημονα εγραφη απο ρωμης δια ονησιμου οικετου]
- 1 ¶ Nan tan lontan, Bondye te mete pawòl nan bouch pwofèt yo nan divès okazyon ak divès jan pou l' te ka pale ak zansèt nou yo.
In times past the word of God came to our fathers through the prophets, in different parts and in different ways;
πολυμερως και πολυτροπως παλαι ο θεος λαλησας τοις πατρασιν εν τοις προφηταις επ εσχατων των ημερων τουτων ελαλησεν ημιν εν υιω
- 2 Men, nan dènye jou sa yo, se pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li. Se ak Pitit sa a Bondye te kreye tout bagay. Se li menm tou Bondye chwazi pou eritye tout bagay lè sa va fini nèt.
But now, at the end of these days, it has come to us through his Son, to whom he has given all things for a heritage, and through whom he made the order of the generations;
ον εθηκεν κληρονομον παντων δι ου και τους αιωνας εποιησεν

- 3 Pitit sa a reflète limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye. Se li menm k'ap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl li. Lè li fin delivre moun anba peche yo, li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye, Gran Wa a.
Who, being the outshining of his glory, the true image of his substance, supporting all things by the word of his power, having given himself as an offering making clean from sins, took his seat at the right hand of God in heaven;
ος ων απαντασμα της δοξης και χαρακτηρ της υποστασεως αυτου φερων τε τα παντα τω ρηματι της δυναμεως αυτου δι εαυτου καθαρισμον ποιησαμενος των αμαρτιων ημων εκαθισεν εν δεξια της μ εγαλωσυνης εν υψηλοις
- 4 ¶ Pitit la sitèlman gen plis pouvwa pase zanj yo, Bondye ba l' yon non ki pi konsekan pase pa yo a.
Having become by so much better than the angels, as the name which is his heritage is more noble than theirs.
τοσουτω κρειττων γενομενος των αγγελων οσω διαφορωτερον παρ αυτους κεκληρονομηκεν ονομα
- 5 Kilès nan zanj yo Bondye te janm di: Ou se pitit mwen. Depi jòdi a se mwen ki papa ou? Li pa janm di okenn nan zanj li yo: M'a yon papa pou li. La yon pitit pou mwen.
To which of the angels did God say at any time, You are my Son, this day I have given you being? or, I will be his Father, and he will be my Son?
τινι γαρ ειπεν ποτε των αγγελων υιος μου ει συ εγω σημερον γεγεννηκα σε και παλιν εγω εσομαι αυτω εις πατερα και αυτος εσται μοι εις υιον
- 6 Men, lè Bondye t'ap voye premye Pitit li a sou latè, li te di: Se pou tout zanj Bondye yo adore li.
And again, when he is sending his only Son into the world, he says, Let all the angels of God give him worship.
οταν δε παλιν εισαγαγη τον πρωτοτοκον εις την οικουμενην λεγει και προσκυνησατωσαν αυτω παντες αγγελοι θεου
- 7 Lè l' t'ap pale sou zanj li yo, li te di: Bondye fè zanj li yo tounen van. Li fè sèvitè l' yo tounen flanm dife.
And of the angels he says, Who makes his angels winds, and his servants flames of fire:
και προς μεν τους αγγελους λεγει ο ποιων τους αγγελους αυτου πνευματα και τους λειτουργους αυτου πυρος φλογα
- 8 Men, lè l'ap pale sou Pitit li a, li di: O Bondye, gouvènman ou lan la pou tout tan. W'ap gouvènen san patipri tankou yon wa nan peyi ou la.
But of the Son he says, Your seat of power, O God, is for ever and ever; and the rod of your kingdom is a rod of righteousness.
προς δε τον υιον ο θρονος σου ο θεος εις τον αιωνα του αιωνος ραβδος ευθυτητος η ραβδος της βασιλειας σου
- 9 Ou te renmen tou sa ki byen. Ou te rayi tou sa ki mal. Se poutèt sa, Bondye ki Bondye ou la chwazi ou. Li fè kè ou kontan nèt ale, li fè pou ou bagay li pa fè pou lòt zanmi ou yo.
You have been a lover of righteousness and a hater of evil; and so God, your God, has put the oil of joy on your head more than on the heads of those who are with you.
ηγαπησας δικαιοσυνην και εμισησας ανομιαν δια τουτο εχρισεν σε ο θεος ο θεος σου ελαιον αγαλλιασεως παρα τους μετοχους σου
- 10 Yon lòt fwa, li di ankò: Se ou menm, Mèt la, Bondye ki te kreye latè nan konmansman. Se avèk men ou ou te fè syèl la.
You, Lord, at the first did put the earth on its base, and the heavens are the works of your hands:
και συ κατ αρχας κυριε την γην εθεμελιωσας και εργα των χειρων σου εισιν οι ουρανοι
- 11 Yo gen pou yo disparèt, men ou menm w'ap toujou la. Yo gen pou yo fini tankou rad.
They will come to their end; but you are for ever; they will become old as a robe;
αυτοι απολουνται συ δε διαμενεις και παντες ως ιματιον παλαιωθησονται
- 12 W'ap vlope yo tankou yon chemiz mete la. W'ap chanje yo tankou rad. Men ou menm, ou p'ap janm chanje, ou p'ap janm mouri.
They will be rolled up like a cloth, even like a robe, and they will be changed: but you are the same and your years will have no end.
και ωσει περιβολαιον ελιξεις αυτους και αλλαγησονται συ δε ο αυτος ει και τα ετη σου ουκ εκλειψουσιν
- 13 Bondye pa janm di okenn nan zanj li yo: Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou.
But of which of the angels has he said at any time, Take your seat at my right hand till I put all those who are against you under your feet?
προς τινα δε των αγγελων ειρηκεν ποτε καθου εκ δεξιων μου εως αν θω τους εχθρους σου υποποδιον των ποδων σου
- 14 Kisa zanj Bondye yo ye menm? Yo tout se yonn bann lespri k'ap sèvi Bondye. Se Bondye menm ki voye yo pou ede moun ki la pou jwenn delivrans yo.
Are they not all helping spirits, who are sent out as servants to those whose heritage will be salvation?
ουχι παντες εισιν λειτουργικα πνευματα εις διακονια αποστελλομενα δια τους μελλοντας κληρονομειν σωτηριαν
- 1 ¶ Se poutèt sa, nou dwe kenbe verite yo te moutre nou yo pi fèm toujou pou nou pa pèdi chemen nou.
For this reason there is the more need for us to give attention to the things which have come to our ears, for fear that by chance we might be slipping away.
δια τουτο δει περισσοτερος ημας προσεχειν τοις ακουσθεισιν μηποτε παραρρωμεν

- 2 Pawòl zanj Bondye yo te anonse a te gen tout valè li. Se sa ki fè moun ki pa t' okipe pawòl la ak moun ki te dezobeyi l' yo te resevwa chatiman yo te merite a.
Because if the word which came through the angels was fixed, and in the past every evil act against God's orders was given its full punishment;
ει γαρ ο δι αγγελων λαληθεις λογος εγενετο βεβαιος και πασα παραβασις και παρακοη ελαβεν ενδικον μισθοποδοσιαν
- 3 Konsa tou, si nou menm nou meprize yon gwo delivrans tankou sa a, nanpwen chape pou nou. Premye moun ki te fè konnen delivrans sa a se Seyè a menm. Apre sa, moun ki te tande l' yo, se yo ki te fè nou konnen jan delivrans sa a gen anpil valè.
What will come on us, if we do not give our minds to such a great salvation? a salvation of which our fathers first had knowledge through the words of the Lord, and which was made certain to us by those to whom his words came;
πως ημεις εκφευξομεθα τηλικαυτης αμελησαντες σωτηριας ητις αρχην λαβουσα λαλεισθαι δια του κυριου υπο των ακουσαντων εις ημας εββαιωθη
- 4 Anmenmtan an tou, Bondye te fè anpil siy, anpil bèl bagay ak anpil mirak pou fè wè sa moun sa yo t'ap di a se te vre. Li separe kado Sentespri a bay moun jan l' vle.
And God was a witness with them, by signs and wonders, and by more than natural powers, and by his distribution of the Holy Spirit at his pleasure.
συνεπιμαρτυρουντος του θεου σημειοις τε και τερασιν και ποικιλαις δυναμεσιν και πνευματος αγιου μερισμοις κατα την αυτου θελησιν
- 5 ¶ Bondye pa t' bay zanj li yo pouvwa sou anyen nan tan n'ap pale a, tan ki gen pou vini an.
For he did not make the angels rulers over the world to come, of which I am writing.
ου γαρ αγγελοις υπεταξεν την οικουμενην την μελλουσαν περι ης λαλουμεν
- 6 Okontrè, jan yo ekri sa yon kote nan Liv la: Bondye o, kisa moun ye pou w'ap chonje yo konsa? Kisa moun ki fèt pou mouri yo ye menm pou w'ap pran ka yo konsa?
But a certain writer has given his witness, saying, What is man, that you keep him in mind? what is the son of man, that you take him into account?
διεμαρτυρατο δε που τις λεγων τι εστιν ανθρωπος οτι μνησκη αυτου η υιος ανθρωπου οτι επισκεπη αυτον
- 7 Ou fè yo yon ti jan pi ba pase zanj yo pou yon ti tan. Tankou yon kouwòn sou tèt yo, ou ba yo tout lwanj ak tout respè.
You made him a little lower than the angels; you gave him a crown of glory and honour, and made him ruler over all the works of your hands:
ηλαττωσας αυτον βραχυ τι παρ αγγελου δοξη και τιμη εστεφανωσας αυτον και κατεστησας αυτον επι τα εργα των χειρων σου
- 8 Ou mete tout bagay anba pye yo. Liv la di Bondye mete tout bagay anba pye lèzòm, sa vle di pa gen anyen ki pa sou zòd yo. Men, nou wè koulye a moun pa gen pouvwa sou tout bagay.
You put all things under his feet. For in making man the ruler over all things, God did not put anything outside his authority; though we do not see everything under him now.
παντα υπεταξας υποκατω των ποδων αυτου εν γαρ τω υποταξαι αυτω τα παντα ουδεν αφηκεν αυτω ανυποτακτον νυν δε ουπω ορωμεν αυτω τα παντα υποτεταγμενα
- 9 Okontre, lè nou gade Jezi, nou wè pou yon tan Bondye te mete l' pi ba pase zanj yo, pou l' te ka mouri pou tout moun, tankou yon favè Bondye t'ap fè yo. Koulye a, poutèt lanmò li te soufri a, Bondye ba li tout lwanj ak tout respè ki pou yon wa.
But we see him who was made a little lower than the angels, even Jesus, crowned with glory and honour, because he let himself be put to death so that by the grace of God he might undergo death for all men.
τον δε βραχυ τι παρ αγγελου ηλαττωμενον βλεπομεν ιησουν δια το παθημα του θανατου δοξη και τιμη εστεφανωμενον οπως χαριτι θεου υπερ παντος γευσηται θανατου
- 10 ¶ Se Bondye ki fè tout bagay, se Bondye k'ap kenbe tout bagay. Se tou nòm pou l' te vle fè anpil nan pitit li yo resevwa pa yo nan bèl pouvwa li a. Se poutèt sa, li fè Jezi vin bon nèt avèk tout soufrans sa yo. Paskè se Jezi ki chèf k'ap mennen yo nan chemen delivrans lan.
Because it was right for him, for whom and through whom all things have being, in guiding his sons to glory, to make the captain of their salvation complete through pain.
επρεπεν γαρ αυτω δι ον τα παντα και δι ου τα παντα πολλους υιους εις δοξαν αγαγοντα τον αρχηγον της σωτηριας αυτων δια παθηματων τελειωσαι
- 11 Ni moun ki netwaye lèzòm anba peche yo, ki vle di Jezi, ni lèzòm li netwaye yo, yo tout gen yon sèl papa. Se poutèt sa, Jezi pa wont rele yo frè,
For he who makes holy and those who are made holy are all of one family; and for this reason it is no shame for him to give them the name of brothers,
ο τε γαρ αγιαζων και οι αγιαζομενοι εξ ενος παντες δι ην αιτιαν ουκ επαισχυνεται αδελφους αυτους καλειν
- 12 jan l' te di sa nan Liv la: Bondye, m'a nonmen non ou bay frè m' yo. M'a fè lwanj ou lè yo tout reyini ansanm.
Saying, I will give the knowledge of your name to my brothers, I will make a song of praise to you before the church.
λεγων απαγγελω το ονομα σου τοις αδελφοις μου εν μεσω εκκλησιας υμνησω σε
- 13 Li di ankò: M'a mete tout konfyans mwen nan Bondye. Apre sa, li di ankò: Men mwen ansanm ak tout pitit Bondye te ban mwen yo.
And again he says, I will put my faith in him. And again, See, I am here, and the children which God has given to me.
και παλιν εγω εσομαι πεποιθωσ επ αυτω και παλιν ιδου εγω και τα παιδια α μοι εδωκεν ο θεος
- 14 ¶ Moun li rele pitit li yo, se moun ki gen yon kò ki fèt ak chè ak san. Jezi vin tankou yo tou, menm chè ak yo, menm san ak yo. Konsa, lè li mouri, li detwi Satan ki te gen pouvwa pou touye moun.
And because the children are flesh and blood, he took a body himself and became like them; so that by his death he might put an end to him who had the power of death, that is to say, the Evil One;
επει ουν τα παιδια κεκοινωνηκεν σαρκος και αιματος και αυτος παραπλησιωσ μετεσχεν των αυτων ινα δια του θανατου καταργηση τον το κρατος εχοντα του θανατου τουτεστιν τον διαβολον

- 15 Li delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò.
And let those who all their lives were in chains because of their fear of death, go free.
και απαλλαξη τουτους οσοι φοβω θανατου δια παντος του ζην ενοχοι ησαν δουλειας
- 16 Sa se bagay ki klè: li pa t' vin pote sekou bay zanj Bondye yo. Jan sa ekri nan Liv la: Li vin pote sekou bay tout moun ras Abraram yo.
For, truly, he does not take on the life of angels, but that of the seed of Abraham.
ου γαρ δηπου αγγελων επιλαμβανεται αλλα σπερματος αβρααμ επιλαμβανεται
- 17 Se konsa, li te fèt pou l' te vin tankou frè l' yo sou tout pwèn, pou l' te ka sèvi yo tankou yon granprèt ki gen anpil pitay pou yo, k'ap fè sèvis li byen devan Bondye, pou ofrann li fè a ka fè Bondye padonnen peche tout pèp la.
But now Christ has come as the high priest of the good things of the future, through this greater and better Tent, not made with hands, that is to say, not of this world,
χριστος δε παραγενομενος αρχιερευς των μελλοντων αγαθων δια της μειζονος και τελειοτερας σκηνης ου χειροποιητου τουτεστιν ου ταυτης της κτισεως
- 12 Kris la pase nan tant lan, li antre kote yo mete apa pou Bondye a, li ofri san an yon sèl fwa devan Bondye epi li fini. Lè sa a, se pa t' san bouk kabrit ni san ti towò bèf li te ofri. Se san pa l' menm li te ofri. Se sak fè li antre yon sèl fwa a devan Bondye, li tou peye pou l' te ka delivre nou pou tout tan.
And has gone once and for ever into the holy place, having got eternal salvation, not through the blood of goats and young oxen, but through his blood.
ουδε δι αιματος τραγων και μοσχων δια δε του ιδιου αιματος εισηλθεν εφραπαξ εις τα αγια αιωνιαν λυτρωσιν ευραμενος
- 13 Si yo ka pran san bouk kabrit ak san towò bèf ansanm ak san vyann ti gazèl bèf yo boule sou lotèl la pou voye sou moun ki mete tèt yo nan kondisyon yo pa ka sèvi Bondye dapre lalwa, pou mete yo nan kondisyon pou yo fè sèvis Bondye,
For if the blood of goats and oxen, and the dust from the burning of a young cow, being put on the unclean, make the flesh clean:
ει γαρ το αιμα ταυρων και τραγων και σποδος δαμαλεως ραντιζουσα τους κεκοινωμενους αγιαζει προς την της σαρκος καθαροτητα

- 14 nou pa bezwen mande kisa san Kris la p'ap fè. Avèk pouvwa Sentespri ki la tout tan an, li menm li ofri tèt li bay Bondye tankou yon ofrann bèt ki bon nèt, san okenn defo. Se konsa, san l' ap lave konsyans nou, l'ap delivre nou anba esklavaj lalwa k'ap touye nou an pou nou ka sèvi Bondye vivan an.
How much more will the blood of Christ, who, being without sin, made an offering of himself to God through the Holy Spirit, make your hearts clean from dead works to be servants of the living God?
ποσω μαλλον το αιμα του χριστου ος δια πνευματος αιωνιου εαυτον προσηνεγκεν αμωμον τω θεω καθαριει την συνειδησιν υμων απο νεκρων εργαων εις το λατρευειν θεω ζοντι
- 15 ¶ Se poutèt sa, Kris la se yon avoka ki tabli yon nouvo kontra ant Bondye ak lèzòm. Konsa, moun Bondye rele yo, yo ka resevwa eritaj ki la pou tout tan an, jan Bondye te pwomèt la. Tou sa, paske Kris la mouri. Avèk mouri li mouri a, li delivre tout moun anba chenn peche yo te fè sou premye kontra a.
And for this cause it is through him that a new agreement has come into being, so that after the errors under the first agreement had been taken away by his death, the word of God might have effect for those who were marked out for an eternal heritage.
και δια τουτο διαθηκης καινης μεσιτης εστιν οπως θανατου γενομενου εις απολυτρωσιν των επι τη πρωτη διαθηκη παραβασεων την επαγγελιαν λαβωσιν οι κεκλημενοι της αιωνιου κληρονομιας
- 16 Lè gen yon kontra osinon yon testaman, se pou yo bay prèy moun ki te fè l' la mouri byen mouri.
Because where there is a testament, there has to be the death of the man who made it.
οπου γαρ διαθηκη θανατον αναγκη φερεσθαι του διαθεμενου
- 17 Paske, yon testaman pa vo anyen toutotan moun ki fè l' la vivan toujou. Lè moun ki fè l' la mouri, se lè sa a testaman an bon.
For a testament has effect after death; for what power has it while the man who made it is living?
διαθηκη γαρ επι νεκροις βεβαια επει μηποτε ισχυει οτε ζη ο διαθεμενος
- 18 Se poutèt sa, menm pou premye kontra a se apre yo te fin fè san bèt yo te ofri yo koule li te bon.
So that even the first agreement was not made without blood.
οθεν ουδ η πρωτη χωρις αιματος εγκεκαινισται
- 19 Premye bagay Moyiz te fè, li te li tout kòmandman yo bay pèp la, jan sa ye nan lalwa a. Apre sa, li pran san ti towò bèf yo ak san bouk kabrit yo, li mele l' ak dlo, li pran yon branch izòp ak yon moso lenn wouj, li wouze Liv lalwa a ansanm ak tout pèp la avèk melanj la.
For when Moses had given all the rules of the law to the people, he took the blood of goats and young oxen, with water and red wool and hyssop, and put it on the book itself and on all the people, λαληθεισης γαρ πασης εντολης κατα νομον υπο μουσεως παντι τω λαω λαβων το αιμα των μοσχων και τραγων μετα υδατος και εριου κοκκινου και υσσωπου αυτο τε το βιβλιον και παντα τον λαον ερραντισεν
- 20 Lè sa a, li di: Sa se san ki sèvi pou siyen kontra Bondye mande pou nou kenbe a.
Saying, This blood is the sign of the agreement which God has made with you.
λεγων τουτο το αιμα της διαθηκης ης ενετειλατο προς υμας ο θεος
- 21 Moyiz voye san an sou tout tant lan, sou tout bagay ki sèvi nan tant lan.
And the blood was put on the Tent and all the holy vessels in the same way.
και την σικνην δε και παντα τα σκευη της λειτουργιας τω αιματι ομοιως ερραντισεν
- 22 Dapre lalwa, san an mete prèske tout bagay nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. Si san pa koule, nanpwen padon pou peche yo.
And by the law almost all things are made clean with blood, and without blood there is no forgiveness.
και σχεδον εν αιματι παντα καθαριζεται κατα τον νομον και χωρις αιματεκχυσιας ου γινεται αφεσις
- 23 ¶ Tout bagay sa yo se kopye Moyiz te kopye yo sou bagay tout bon ki nan syèl la. Si se pou yo te mete tout bagay sa yo ki yon senp pòtre bagay tout bon yo nan kondisyon pou fè sèvis Bondye konsa, bagay ki nan syèl la menm mande yon pi gwo kalite ofrann bèt toujou.
For this cause it was necessary to make the copies of the things in heaven clean with these offerings; but the things themselves are made clean with better offerings than these.
αναγκη ουν τα μεν υποδειγματα των εν τοις ουρανοις τουτοις καθαριζεσθαι αυτα δε τα επουρανια κρειττοσιν θυσιας παρα ταυτας
- 24 Kris la pa t' antre nan yon kay moun te bati pou Bondye sou modèl kay Bondye a. Li antre nan syèl la menm, kote li kanpe koulye a devan Bondye pou nou.
For Christ did not go into a holy place which had been made by men's hands as the copy of the true one; but he went into heaven itself, and now takes his place before the face of God for us.
ου γαρ εις χειροποιητα αγια εισηλθεν ο χριστος αντιτυπα των αληθινων αλλ εις αυτον τον ουρανον νυν εμφανισθηνα τω προσωπω του θεου υπερ ημων
- 25 Granprèt jwif yo antre chak lanne nan kote ki apa pou Bondye menm lan avèk san bèt yo touye bay Bondye. Men, Kris la menm pa antre plizyè fwa pou ofri tèt li.
And he did not have to make an offering of himself again and again, as the high priest goes into the holy place every year with blood which is not his; ουδ ινα πολλακις προσφερη εαυτον ωσπερ ο αρχιερευς εισερχεται εις τα αγια κατ ενιαυτον εν αιματι αλλοτριω

- 26 Si se pa t' sa, li ta blije soufri plizyè fwa tou depi lè Bondye te kreye tout bagay. Men, koulye a, lè tout bagay prèt pou fini, li parèt yon sèl fwa, li bay tèt li tankou bèt yo ofri pou wete tout peche, epi li fini.
For then he would have undergone a number of deaths from the time of the making of the world: but now he has come to us at the end of the old order, to put away sin by the offering of himself.
επει εδει αυτον πολλακις παθειν απο καταβολης κοσμου νυν δε απαξ επι συντελεια των αιωνων εις αθετησιν αμαρτιας δια της θυσιας αυτου πεφανερωται
- 27 Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo.
And because by God's law death comes to men once, and after that they are judged;
και καθ οσον αποκειται τοις ανθρωποις απαξ αποθανειν μετα δε τουτο κρισις
- 28 Konsa tou, Kris la ofri tèt li pou li mouri yon sèl fwa pou wete peche anpil moun. Li gen pou l' tounen yon dezyèm fwa. Men, lè sa a, se p'ap pou wete peche nou, se va pou delivre tout moun k'ap tann li yo.
So Christ, having at his first coming taken on himself the sins of men, will be seen a second time, without sin, by those who are waiting for him, for their salvation.
ουτως ο χριστος απαξ προσερχθει εις το πολλων ανενεγκειν αμαρτιας εκ δευτερον χωρις αμαρτιας ορθησεται τοις αυτον απεκδεχομενοις εις σωτηριαν
- 1 ¶ Lalwa Moyiz la pa t' menm yon bon pòtre bagay ki la tout bon yo. Se yon senp lonbraj benediksyon ki gen pou vini yo li ye. Moun ki pwoche bò kote Bondye avèk menm kalite ofrann bèt y'ap plede ofri chak lanne san rete a, moun sa yo, lalwa pa ka fè yo vin bon nèt.
For the law, being only a poor copy of the future good things, and not the true image of those things, is never able to make the people who come to the altar every year with the same offerings completely clean.
σκιαν γαρ εχων ο νομος των μελλοντων αγαθων ουκ αυτην την εικονα των πραγματων κατ ενιαυτον ταις αυταις θυσιας ας προσφερουσιν εις το διηνεκες ουδεποτε δυναται τους προσερχομενους τελειωσαι
- 2 Si moun ki fè sèvis sa yo pou Bondye te lave tout bon anba peche yo, yo pa ta santi yo koupab okenn peche ankò. Yo ta sispann fè ofrann bèt pou touye.
For if this had been possible, would there not have been an end of those offerings, because the worshippers would have been made completely clean and would have been no longer conscious of sins?
επει ουκ αν επαυσαντο προσφερομεναι δια το μηδεμιαν εχειν ετι συνειδησιν αμαρτιων τους λατρευοντας απαξ κεκαθαρμενους
- 3 Men, okontrè, chak lanne bèt yo touye yo fè moun yo chonje jan yo peche.
But year by year there is a memory of sins in those offerings.
αλλ εν αυταις αναμνησις αμαρτιων κατ ενιαυτον
- 4 Tou sa, paske san bouk ak san jenn towò bèt p'ap janm ka wete peche moun.
Because it is not possible for the blood of oxen and goats to take away sins.
αδυνατον γαρ αιμα ταυρων και τραγων αφαιρειν αμαρτιας
- 5 Se poutèt sa, lè Kris la tapral vin sou latè, li di Bondye: Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bèt pou yo touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen. Men, ou ban m' yon kò.
So that when he comes into the world, he says, You had no desire for offerings, but you made a body ready for me;
διο εισερχομενος εις τον κοσμον λεγει θυσιαν και προσφοραν ουκ ηθελησας σωμα δε κατηρτισω μοι
- 6 Se pa ofrann vyann bèt yo boule sou lotèl la k'ap fè ou plezi. Ni se pa ofrann bèt yo touye pou wete peche yo k'ap fè ou plezi.
You had no joy in burned offerings or in offerings for sin.
ολοκαυτωματα και περι αμαρτιας ουκ ευδοκησας
- 7 ¶ Lè sa a, mwen di: Men mwen, Bondye. Mwen vin pou fè volonte ou, jan sa ekri sou mwen nan liv lalwa a.
Then I said, See, I have come to do your pleasure, O God (as it is said of me in the roll of the book).
τοτε ειπον ιδου ηκω εν κεφαλιδι βιβλιου γεγραπται περι εμου του ποιησαι ο θεος το θελημα σου
- 8 Premye bagay li di se: Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bèt pou yo touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen, ni ofrann vyann bèt yo boule sou lotèl la, ni ofrann bèt yo touye pou wete peche yo:
After saying, You had no desire for offerings, for burned offerings or offerings for sin (which are made by the law) and you had no pleasure in them,
ανωτερον λεγων οτι θυσιαν και προσφοραν και ολοκαυτωματα και περι αμαρτιας ουκ ηθελησας ουδε ευδοκησας αιτινες κατα τον νομον προσφέρονται
- 9 Apre sa, li di: Men mwen, Bondye. Mwen vin pou fè volonte ou. Konsa, Bondye aboli tout ansyen ofrann bèt yo, li ranplase yo ak ofrann Kris la menm.
Then he said, See, I have come to do your pleasure. He took away the old order, so that he might put the new order in its place.
τοτε ειρηκεν ιδου ηκω του ποιησαι ο θεος το θελημα σου αναιρει το πρωτον ινα το δευτερον στηση

- 10 Kifè nou netwaye anba peche nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l' fini.
By that pleasure we have been made holy, by the offering of the body of Jesus Christ once and for ever.
εν ω θεληματι ηγιασμενοι εσμεν οι δια της προσφορας του σωματος του ιησου χριστου εφραξ
- 11 Pou prèt jwif yo, se chak jou pou yo kanpe ap fè sèvis yo. Y'ap plede ofri menm sakrifis yo plizyè fwa. Men, sakrifis sa yo p'ap janm ka wete peche.
And every priest takes his place at the altar day by day, doing what is necessary, and making again and again the same offerings which are never able to take away sins.
και πας μεν ιερευς εστηκεν καθ ημεραν λειτουργων και τας αυτας πολλακις προσφερων θυσιαις αιτινες ουδεποτε δυναται περιελειν αμαρτιας
- 12 Men, Kris la pou tèt pa l' fè yon sèl ofrann san pou tout peche yo, yon ofrann san ki bon pou tout tan. Apre sa, li chita sou bò dwat Bondye.
But when Jesus had made one offering for sins for ever, he took his place at the right hand of God;
αυτος δε μιαν υπερ αμαρτιων προσενεγκας θυσιαν εις το διηνεκες εκαθισεν εν δεξια του θεου
- 13 Koulye a, se la l'ap tann Bondye mete tout lènmi l' yo tankou yon ti ban pou lonje pye li.
And has been waiting there from that time, till all who are against him are made a foot-rest for his feet.
το λοιπον εκδεχομενος εως τεθωσιν οι εχθροι αυτου υποποδιον των ποδων αυτου
- 14 Konsa, avèk sèl ofrann li fè a, li fè moun li netwaye anba peche yo bon nèt pou tout tan.
Because by one offering he has made complete for ever those who are made holy.
μια γαρ προσφορα τετελειωκεν εις το διηνεκες τους αγιαζομενους
- 15 Se sa Sentespri di nou tou. Paske, lè li fin di:
And the Holy Spirit is a witness for us: for after he had said,
μαρτυρει δε ημιν και το πνευμα το αγιον μετα γαρ το προειρηκεναι
- 16 Men kontra mwen pral fè ak yo apre jou sa yo. Se Bondye menm ki di sa. M'a mete lwa m' yo nan kè yo, m'a make lwa m' yo nan lespri yo.
This is the agreement which I will make with them after those days, says the Lord; I will put my laws in their hearts, writing them in their minds; he said,
αυτη η διαθηκη ην διαθησομαι προς αυτους μετα τας ημερας εκεινας λεγει κυριος διδους νομους μου επι καρδιας αυτων και επι των διανοιων αυτων επιγραφω αυτους
- 17 Apre sa, li di: Mwen p'ap janm chonje ni peche yo, ni sa yo fè ki mal.
And I will keep no more memory of their sins and of their evil-doings.
και των αμαρτιων αυτων και των ανομιων αυτων ου μη μνησθω επι
- 18 Konsa, lè Bondye fin padonnen peche yo, pa gen nesesite pou yo fè ofrann ankò pou wete peche.
Now where there is forgiveness of these, there is no more offering for sin.
οπου δε αφεις τούτων ουκετι προσφορα περι αμαρτιας
- 19 ¶ Konsa, frè m' yo, gremesi san Kris la ki koule lè li mourì pou nou an, nou gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a.
So then, my brothers, being able to go into the holy place without fear, because of the blood of Jesus,
εχοντες ουν αδελφοι παρρησιαν εις την εισοδον των αγιων εν τω αιματι ιησου
- 20 Kris la louvri yon chemen nèf pou nou, yon chemen k'ap ban nou lavi, yon chemen ki pase nan mitan vwal la, sa vle di: nan kò l' menm.
By the new and living way which he made open for us through the veil, that is to say, his flesh;
ην ενκαινισεν ημιν οδον προσφατον και ζωσαν δια του καταπετασματος τουτεστιν της σαρκος αυτου
- 21 Nou gen yon granprèt ki reskonsab tout kay Bondye a.
And having a great priest over the house of God,
και ιερα μεγαν επι τον οικον του θεου
- 22 Ann pwoche bò kot Bondye ak tout kè nou, ak yon konfyans byen chita, san nou pa gen anyen nan kè nou ki pou boulvèsè konsyans nou, kò nou menm byen netwaye nan yon dlo byen pwòp.
Let us go in with true hearts, in certain faith, having our hearts made free from the sense of sin and our bodies washed with clean water:
προσερχομεθα μετα αληθινης καρδιας εν πληροφορια πιστεως ερραντισμενοι τας καρδιας απο συνειδησεως πονηρας και λελουμενοι το σωμα υδατι καθαρω
- 23 Ann kenbe espwa nou genyen an byen fèm. Paske, nou mèt sèten, Bondye ap kenbe pwomès li.
Let us keep the witness of our hope strong and unshaking, for he is true who has given his word:
κατεχωμεν την ομολογιαν της ελπιδος ακλινη πιστος γαρ ο επαγγελιαμενος

- 24 Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen.
And let us be moving one another at all times to love and good works;
 και κατανοωμεν αλληλους εις παροξυσμον αγαπης και καλων εργαων
- 25 Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche.
Not giving up our meetings, as is the way of some, but keeping one another strong in faith; and all the more because you see the day coming near.
 μη εγκαταλειποντες την επισυναγωγην εαυτων καθως εθος τισιν αλλα παρακαλουντες και τοσουτω μαλλον οσο βλεπετε εγγιζουσαν την ημεραν
- 26 Si, apre nou fin konn verite a, nou toujou ap fè sa nou konnen ki mal, pa gen ofrann bèt ki ka wete peche sa yo.
For if we do evil on purpose after we have had the knowledge of what is true, there is no more offering for sins,
 εκουσιως γαρ αμαρτανοντων ημων μετα το λαβειν την επιγνωσιν της αληθειας ουκετι περι αμαρτιων απολειπεται θυσια
- 27 Nou mèt pè kont kò nou. Yon sèl bagay ki rete pou nou fè, se rete tann jijman an ansanm ak gwo dife ki gen pou vin detwi tout lènmi Bondye yo.
But only a great fear of being judged, and of the fire of wrath which will be the destruction of the haters of God.
 φοβερα δε τις εκδοχη κρισεως και πυρος ζηλος εσθιειν μελλοντος τους υπεναντιους
- 28 Lè yon moun te dezobeyi lalwa Moyiz la, depi te gen de osinon twa moun ki vin depoze kont li, se touye pou yo te touye l' san pitye.
A man who has gone against the law of Moses is put to death without pity on the word of two or three witnesses:
 αθετησας τις νομον μωσεως χωρις οικτιρμων επι δυσιν η τρισιν μαρτυσιν αποθησκει
- 29 Nou pa bezwen mande kisa ki va rive yon moun k'ap meprize Pitit Bondye a, yon moun ki pran san Pitit Bondye a pou anyen, san ki sèvi pou siyen kontra Bondye a, san ki mete nou nan kondisyon pou fè sèvis Bondye a, san ki mete nou apa pou Bondye a. Wi, nou pa bezwen mande kisa ki va rive yon moun k'ap joure Lespri Bondye ki ban nou favè li a. Nou tou konnen li merite yon pi gwo chatiman.
But will not the man by whom the Son of God has been crushed under foot, and the blood of the agreement with which he was washed clean has been taken as an unholy thing, and who has had no respect for the Spirit of grace, be judged bad enough for a very much worse punishment?
 ποσω δοκειτε χειρονος αξιωθησεται τιμωριας ο τον υιον του θεου καταπατησας και το αιμα της διαθηκης κοινον ηγησαμενος εν ω ηγιασθη και το πνευμα της χαριτος ενοβρισας
- 30 Nou menm, nou konnen moun ki te di: Se mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj, se mwen menm sèl ki va bay moun sa yo merite. Se li menm tou ki te di: Bondye gen pou l' jije pèp li a.
For we have had experience of him who says, Punishment is mine, I will give reward. And again, The Lord will be judge of his people.
 οιδαμεν γαρ τον ειποντα εμοι εκδικησις εγω ανταποδωσω λεγει κυριος και παλιν κυριος κρινει τον λαον αυτου
- 31 Aaa! Se yon bagay terib wi, pou yon moun tonbe anba men Bondye vivan an!
We may well go in fear of falling into the hands of the living God.
 φοβερον το εμπεσειν εις χειρας θεου ζωντος
- 32 Chonje sa ki te rive nou nan tan lontan. Lè sa a, nou te fèk fin resevwa limyè Bondye a, nou te soufri anpil. Men, nou te kenbe fèm nan batay la.
But give thought to the days after you had seen the light, when you went through a great war of troubles;
 αναμνησκεσθε δε τας προτερον ημερας εν αις φωτισθεντες πολλην αθλησιν υπεμεινατε παθηματων
- 33 Yon lè, se nou menm yo t'ap joure, yo t'ap maltrete devan tout moun. Yon lòt lè, se nou menm, pou tèt pa nou, ki te al pran pou moun yo t'ap joure yo, pou moun yo t'ap maltrete yo.
In part, in being attacked by angry words and cruel acts, before the eyes of everyone, and in part, in being united with those who were attacked in this way.
 τουτο μεν ονειδισμοις τε και θλιψεσιν θεατριζομενοι τουτο δε κοινωνοι των ουτως αναστρεφομενων γενηθεντες
- 34 Nou te soufri ansanm ak tout moun ki te nan prizon. Menm lè yo te sezi tout byen nou yo, nou te kontan asepte pèdi yo, paske nou te konnen nou gen yon richès ki pi bon, k'ap la pou tout tan.
For you had pity on those who were in prison, and had joy in the loss of your property, in the knowledge that you still had a better property and one which you would keep for ever.
 και γαρ τοις δεσμοις μου συνεπαθησατε και την αρπαγην των υπαρχοντων υμων μετα χαρας προσεδεξασθε γνωσκοντες εχειν εν εαυτοις κρειττονα υπαρξιν εν ουρανοις και μενουσαν
- 35 Pa pèdi lasirans nou te genyen an. Paske, gen yon gwo rekonpans ladan li.
So do not give up your hope which will be greatly rewarded.
 μη αποβαλητε ουν την παρρησιαν υμων ητις εχει μισθαποδοσιαν μεγαλην
- 36 Men, nou bezwen pasyans pou nou ka fè sa Bondye vle, pou nou ka resevwa sa l' te pwomèt la.
For, having done what was right in God's eyes, you have need of waiting before his word has effect for you.
 υπομονης γαρ εχετε χρειαν ινα το θελημα του θεου ποιησαντες κομισησθε την επαγγελιαν

- 37 Paske, men sa ki ekri nan Liv la: Nan yon ti tan ankò, pa gen pou lontan menm, Moun ki gen pou vini an ap vini. Li p'ap pran reta ankò.
In a very little time he who is coming will come; he will not be slow.
ετι γαρ μικρον οσον οσον ο ερχομενος ηξει και ου χρονει
- 38 Moun mwen fè gras la ap viv, paske li gen konfyans nan mwen. Men, si l' vire do l' tounen fè bak, li p'ap fè kè m' kontan.
But the upright man will be living by his faith; and if he goes back, my soul will have no pleasure in him.
ο δε δικαιος εκ πιστεως ζησεται και εαν υποστειληται ουκ ευδοκει η ψυχη μου εν αυτω
- 39 Nou menm, nou p'ap fè tankou moun sa yo k'ap twenn dèyè, k'ap pèdi tèt yo. N'ap fè tankou moun ki gen fèm konfyans nan Bondye, moun k'ap delivre nanm yo.
But we are not of those who go back to destruction; but of those who have faith even to the salvation of the soul.
ημεις δε ουκ εσμεν υποστολης εις απωλειαν αλλα πιστεως εις περιποιησιν ψυχης
- 1 ¶ Lè yon moun di li gen konfyans nan Bondye, sa vle di li sèten li gen pou l' resevwa sa l'ap tann lan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre.
Now faith is the substance of things hoped for, and the sign that the things not seen are true.
εστιν δε πιστις ελπιζομενων υποστασις πραγματατων ελεγχος ου βλεπομενων
- 2 Se paske granmoun lontan yo te gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te moutre li dakò ak yo.
For by it our fathers had God's approval.
εν ταυτη γαρ εμαρτυρηθησαν οι πρεσβυτεροι
- 3 Se paske nou gen konfyans nan Bondye kifè nou ka konprann se Pawòl Bondye a ki kreye tout bagay. Li sèvi ak sa nou pa ka wè pou li te fè tou sa nou ka wè.
By faith it is clear to us that the order of events was fixed by the word of God, so that what is seen has not been made from things which only seem to be.
πιστει νοουμεν καταρτισθαι τους αιωνας ρηματι θεου εις το μη εκ φαινομενων τα βλεπομενα γεγονενα
- 4 ¶ Se paske Abèl te gen konfyans nan Bondye kifè li te ofri bay Bondye yon ofrann bèt ki pi bon pase pa Kayen an. Paske li te gen konfyans, Bondye asepte l' pou yon moun ki dwat. Se konsa Bondye te asepte kado li te fè l' la. Se paske li te gen konfyans sa a kifè Abèl ap pale toujou jouk koulye a, atout li mouri.
By faith Abel made a better offering to God than Cain, and he had witness through it of his righteousness, God giving his approval of his offering; and his voice still comes to us through it though he is dead.
πιστει πλεονα θυσιαν αβελ παρα καιν προσηνεγκεν τω θεω δι ης εμαρτυρηθη ειναι δικαιος μαρτυροντος επι τοις δωροις αυτου του θεου και δι αυτης αποθανων ετι λαλειται
- 5 Se paske Enòk te gen konfyans nan Bondye kifè li moute nan syèl la bò kot Bondye san li pa janm mouri; apre sa, pesonn pa janm wè kote l' ye ankò. Se Bondye menm ki te fè pran l' mennen l' bò kote li. Nou jwenn ekri nan Liv la ki jan Enòk te fè Bondye plezi lontan anvan Bondye te fè l' moute nan syèl la.
By faith Enoch was taken up to heaven so that he did not see death; he was seen no longer, for God took him away; for before he was taken, witness had been given that he was well-pleasing to God:
πιστει ενωχ μετετεθη του μη ιδειν θανατον και ουχ ευρισκετο διοτι μετεθηκεν αυτον ο θεος προ γαρ της μεταθεσεως αυτου μεμαρτυρηται ευηρεστηκεναι τω θεω
- 6 Nou konnen pesonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kot Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun k'ap chache li.
And without faith it is not possible to be well-pleasing to him, for it is necessary for anyone who comes to God to have the belief that God is, and that he is a rewarder of all those who make a serious search for him.
χωρις δε πιστεως αδυνατον ευαρεστησαι πιστευσαι γαρ δει τον προσερχομενον τω θεω οτι εστιν και τοις εκζητουσιν αυτον μισθαποδοτης γινεται
- 7 Se paske Noe te gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te fè l' konnen davans bagay ki tapral rive, bagay li menm Noe pa t' ankò kapab wè. Li koute Bondye, li bati yon gwo batiman. Se ladan batiman sa a li te jwenn delivrans ansanm ak tout fanmi li. Se konsa, li kondannen tout lòt moun yo. Men, Bondye te fè Noe gras paske Noe te gen konfyans sa a nan li.
By faith Noah, being moved by the fear of God, made ready an ark for the salvation of his family, because God had given him news of things which were not seen at the time; and through it the world was judged by him, and he got for his heritage the righteousness which is by faith.
πιστει χρηματισθεις νωε περι των μηδεπω βλεπομενων ευλαβηθεις κατασκευασεν κιβωτον εις σωτηριαν του οικου αυτου δι ης κατακρινεν τον κοσμον και της κατα πιστιν δικαιοσυνης εγενετο κληρο νομος
- 8 Se paske Abraram te gen konfyans nan Bondye kifè li te obeyi lè Bondye te rele l' la. Li pati pou peyi Bondye tapral ba li pou pòsyon eritaj pa li. Li leve, li kite peyi l' la, san l' pa t' konnen ki bò li taprale.
By faith Abraham did as God said when he was ordered to go out into a place which was to be given to him as a heritage, and went out without knowledge of where he was going.
πιστει καλουμενος αβρααμ υπηκουσεν εξελθειν εις τον τοπον ον ημελλεν λαμβανειν εις κληρονομιαν και εξηλθεν μη επισταμενος που ερχεται

- 9 Paske li te gen konfyans nan Bondye, se anba tant twal li te rete. Li t'ap viv nan peyi Bondye te pwomèt li a tankou yon etranje ki depasaj. Se konsa Izarak ak Jakòb te fè tou, yo menm ki te resevwa menm pwomès la nan men Bondye.
By faith he was a wanderer in the land of the agreement, as in a strange land, living in tents with Isaac and Jacob, who had a part with him in the same heritage:
πισται παρωκισεν εις την γην της επαγγελιας ως αλλοτριαν εν σκηνας κατοικησας μετα ισαακ και ιακωβ των συγκληρονομων της επαγγελιας της αυτης
- 10 Paske, Abraram menm t'ap tann lavil ki gen bon fonadasyon solid la. Se Bondye ki te fè plan lavil sa a, epi se li menm tou ki te bati li.
For he was looking for the strong town, whose builder and maker is God.
εξεδεχετο γαρ την τους θεμελιους εχουσαν πολιν ης τεχνιτης και δημιουργος ο θεος
- 11 Se paske Abraram te gen konfyans nan Bondye kifè Bondye te ka fè l' fè pitit, atout li te fin depase laj pou sa, atout Sara pou tèt pa l' tou pa t' kapab fè pitit ankò. Li te sèten Bondye t'ap kenbe pwomès li.
And by faith Sarah herself had power to give birth, when she was very old, because she had faith in him who gave his word;
πισται και αυτη σαρρα δυναμιν εις καταβολην σπερματος ελαβεν και παρα καιρον ηλικιας ετεκεν επει πιστον ηγησατο τον επαγγειλαμενον
- 12 Se konsa, yon sèl nonm ki te tou fin mouri rive gen kantite pitit pitit moun pa ka konte: yo tankou zetwal nan syèl la, yo tankou grenn sab bò lanmè.
So that from one man, who was near to death, came children in number as the stars in heaven, or as the sand by the seaside, which may not be numbered.
διο και αφ ενος εγεννηθησαν και ταυτα νενεκρωμενου καθως τα αστρα του ουρανου τω πληθει και ωσει αμμος η παρα το χειλος της θαλασσης η αναριθμητος
- 13 Tout moun sa yo mouri ak konfyans pou Bondye nan kè yo. Yo pa t' gen tan resevwa benediksyon Bondye te pwomèt yo, men yo wè benediksyon yo byen, lwen, yo salwe yo delwen. Yo tout te deklare se etranje depasaj sou latè yo ye, tankou moun yo depòte.
All these came to their end in faith, not having had the heritage; but having seen it with delight far away, they gave witness that they were wanderers and not of the earth.
κατα πιστιν απεθανον ουτοι παντες μη λαβοντες τας επαγγελιας αλλα πορρωθεν αυτας ιδοντες και πεισθεντες και ασπασαμενοι και ομολογησαντες οτι ξενoi και παρεπιδημοι εισιν επι της γης
- 14 Lè yo t'ap pale konsa, yo te tou fè moun wè yo t'ap chache yon peyi ki peyi pa yo.
For those who say such things make it clear that they are searching for a country for themselves.
οι γαρ τοιαυτα λεγοντες εμφανιζουσιν οτι πατριδα επιζητουσιν
- 15 Si yo te regrèt latè apre yo te fin kite l', yo ta ka gen chans tounen ladan l' ankò.
And truly if they had kept in mind the country from which they went out, they would have had chances of turning back.
και ει μεν εκεινης εμνημονευον αφ ης εξηλθον ειχον αν καιρον ανακαμψαι
- 16 Okontrè, yo te dèyè yon lòt peyi ki pi bon, sa vle di: peyi ki nan syèl la. Se poutèt sa, Bondye pa wont di se Bondye yo li ye, paske l'ap pare yon lavil pou yo.
But now their desire is for a better country, that is to say, for one in heaven; and so it is no shame to God to be named their God; for he has made ready a town for them.
νυνι δε κρειττονος ορεγονται τουτεστιν επουρανιου διο ουκ επαισχυνεται αυτους ο θεος θεος επικαλεισθαι αυτων ητοιμασεν γαρ αυτοις πολιν
- 17 Se paske Abraram te gen konfyans nan Bondye kifè li te asepte touye Izarak tankou yon ofrann bèt bay Bondye, lè Bondye te vle wè jouk ki bò konfyans li t'ap rive a. Abraram te tou pare pou l' te ofri bay Bondye sèl pitit gason Bondye te pwomèt li a.
By faith Abraham made an offering of Isaac, when he was tested: and he with whom the agreement had been made gave up as an offering the only son of his body,
πισται προσενηνοχεν αβρααμ τον ισαακ πειραζομενος και τον μονογενη προσεφερεν ο τας επαγγελιας αναδεξαμενος
- 18 Bondye te di l' konsa: Se Izarak ki pral ba ou anpil pitit pitit.
Of whom it had been said, From Isaac will your seed take their name:
προς ον ελαληθη οτι εν ισαακ κληθησεται σοι σπερμα
- 19 Men, Abraram te mete nan tèt li Bondye te gen pouvwa pou l' te fè Izarak leve vivan ankò soti nan lanmò. Se konsa, nan yon sans, nou ka di Izarak soti vivan nan lanmò, li tounen vin jwen papa l' ankò.
Judging that God was able to give life even to the dead; and because of this he did get him back as if from death.
λογισαμενος οτι και εκ νεκρων εγχειρειν δυνατος ο θεος οθεν αυτον και εν παραβολη εκομισατο
- 20 Se paske Izarak te gen konfyans nan Bondye kifè, lè li t'ap beni Jakòb ak Ezaou, li te pwomèt yo anpil benediksyon pou pita.
By faith Isaac, blessing Jacob and Esau, gave news of things to come.
πισται περι μελλοντων ευλογησεν ισαακ τον ιακωβ και τον ησαυ
- 21 Se paske Jakòb te gen konfyans nan Bondye kifè li te gen tan beni tout pitit Jozèf yo yonn apre lòt anvan l' mouri. Lèfini li apiye sou tèt baton li, li adore Bondye.
By faith Jacob gave a blessing to the two sons of Joseph, when he was near to death; and gave God worship, supported by his stick.
πισται ιακωβ αποθηνησκων εκαστον των υιων ιωσηφ ευλογησεν και προσεκυνησεν επι το ακρον της ραβδου αυτου

- 22 Se paske Jozèf te gen konfyans nan Bondye kifè, lè li tapral mouri, li te fè pitit Izrayèl yo konnen yon jou yo te gen pou yo te kite peyi Lejip la. Se lè sa a tou li ba yo lòd sa pou yo fè ak zosman l' yo.
By faith Joseph, when his end was near, said that the children of Israel would go out of Egypt; and gave orders about his bones.
πιστει ιωσηφ τελειτων περι της εξοδου των υιων ισραηλ εμνημονευσεν και περι των οστων αυτου ενετειλατο
- 23 Se paske papa ak manman Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè yo te rive sere l' pandan twa mwa apre li te fin fèt. Yo te wè jan li te yon bèl ti pitit, yo pa t' pè dezobeyi lòd wa a te bay la.
By faith Moses was kept secretly by his father and mother for three months after his birth, because they saw that he was a fair child; and they had no fear of the king's orders.
πιστει μωσης γεννηθεις εκρυβη τριμηνον υπο των πατερων αυτου διοτι ειδον αστειον το παιδιον και ουκ εφοβηθησαν το διαταγμα του βασιλεως
- 24 Se paske Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè, lè li vin gran, li te refize pote non pitit fi farawon an.
By faith Moses, when he became a man, had no desire to be named the son of Pharaoh's daughter;
πιστει μωσης μεγας γενομενος ηρησατο λεγεσθαι υιος θυγατρος φαραω
- 25 Li te pito kite yo maltrete li ansanm ak pèp Bondye a, pase pou l' te asepte pran plezi l' nan peche pou yon ti tan.
Feeling that it was better to undergo pain with the people of God, than for a short time to have a taste of the pleasures of sin;
μαλλον ελομενος συγκακουχεισθαι τω λαω του θεου η προσκαιρον εχειν αμαρτιας απολαυσι
- 26 Tankou moun Bondye te chwazi pou voye a, li te konsidere li te pi rich lè yo t'ap pase l' nan betiz pase si l' te gen tout richès ki nan peyi Lejip la. Tou sa, paske je l' te fikse sou rekonpans Bondye t'ap pare pou li a.
Judging a part in the shame of Christ to be better than all the wealth of Egypt; for he was looking forward to his reward.
μειζονα πλουτον ηγησαμενος των εν αιγυπτω θησαυρων τον ονειδισμον του χριστου απεβλεπεν γαρ εις την μισθοποδοσιαν
- 27 Se paske Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè li te kouri kite peyi Lejip, san l' pa t' pè kòlè wa a. Li pa t' chanje lide menm, tankou si l' te wè Bondye moun pa ka wè a.
By faith he went out of Egypt, not being turned from his purpose by fear of the wrath of the king; for he kept on his way, as seeing him who is unseen.
πιστει κατελιπεν αιγυπτον μη φοβηθεις τον θυμον του βασιλεως τον γαρ αορατον ως ορον εκαρτερησεν
- 28 Se paske Moyiz te gen konfyans nan Bondye kifè li te fete fèt Delivrans lan, li bay lòd make pòt kay yo ak san an pou zanj Bondye a pa t' touye premye pitit gason pèp Izrayèl yo.
By faith he kept the Passover, and put the sign of the blood on the houses, so that the angel of destruction might not put their oldest sons to death.
πιστει πεποιηκεν το πασχα και την προσχυσιν του αιματος ινα μη ο ολοθρευων τα πρωτοτοκα θιγη αυτων
- 29 Se paske pitit Izrayèl yo te gen konfyans nan Bondye kifè yo te kapab pase nan mitan lanmè Wouj la tankou si yo t'ap mache sou tè sèk. Men, lè moun peyi Lejip yo vin seye fè menm bagay tou, lanmè a kouvri yo.
By faith they went through the Red Sea as if it had been dry land, though the Egyptians were overcome by the water when they made an attempt to do the same.
πιστει διεβησαν την ερυθραν θαλασσαν ως δια ξηρας ης πειραν λαβοντες οι αιγυπτιοι κατεποθησαν
- 30 Se paske pitit Izrayèl yo te gen konfyans nan Bondye kifè miray lavil Jeriko a te tonbe, apre pèp la te fin pase sèt jou ap fè wonn lavil la.
By faith the walls of Jericho came down, after they had been circled for seven days.
πιστει τα τειχη ιεριχω επεσεν κυκλωθεντα επι επτα ημερας
- 31 Se paske Rarab, fanm movèz vi a, te gen konfyans nan Bondye kifè li pa t' mouri ansanm avèk moun ki te desobeyi Bondye yo. Paske, li menm li te byen resevwa espyon pèp Izrayèl yo lakay li.
By faith Rahab, the loose woman, was not put to death with those who had gone against God's orders, because she had taken into her house in peace those sent to see the land.
πιστει ρααβ η πορνη ου συναπωλετο τοις απειθησασιν δεξαμενη τους κατασκοπους μετ ειρηνης
- 32 ¶ Kisa m' ta di nou ankò? Se tan mwen pa genyen pou m' ta pale nou sou Gedeyon, Barak, Samson, Jefe, David, Samyèl ak tout pwofèt yo.
What more am I to say? For there would not be time to give the stories of Gideon, Barak, Samson, and Jephthah, of David and Samuel and the prophets:
και τι επι λεγω επιλειπει γαρ με διηγουμενον ο χρονος περι γεδεων βαρακ τε και σαμψων και ιεφθαι δαβιδ τε και σαμουηλ και των προφητων
- 33 Ak konfyans yo te gen nan Bondye a, yo goumen, yo pran peyi lòt moun nan men yo, yo gouvènè san patipri, yo resevwa sekou Bondye te pwomèt la. Yo fèmen bouch lyon yo,
Who through faith overcame kingdoms, did righteousness, got their reward, kept the mouths of lions shut,
οι δια πιστεως κατηγωνισαντο βασιλειας ειργασαντο δικαιοσυνην επετυχον επαγγελιων εφραζαν στοματα λεοντων
- 34 yo touye gwo gwo dife, yo chape anba men moun ki te vle touye yo ak nepe. Yo te fèb, men yo vin gen fòs, sa te rann yo vanyan anpil nan lagè, kifè yo te ka kraze lame etranje yo.
Put out the power of fire, got safely away from the edge of the sword, were made strong when they had been feeble, became full of power in war, and put to flight the armies of the nations.
εσβεσαν δυναμιν πυρος εφυγον στοματα μαχαιρας ενεδυναμωθησαν απο ασθενειας εγενηθησαν ισχυροι εν πολειω παρεμβολας εκλιναν αλλοτριων

- 35 Ak konfyans yo te gen nan Bondye a, anpil fanm wè moun pa yo ki te mouri tounen leve vivan ankò. Gen ladan yo yo matirize jouk yo mouri. Yo refize asepte okenn moun vin delivre yo, pou yo te ka leve soti nan lanmò, antre nan yon lavi ki pi bon.
 Women had their dead given back to them living; others let themselves be cruelly attacked, having no desire to go free, so that they might have a better life to come;
 ελαβον γυναικες εξ αναστασεως τους νεκρους αυτων αλλοι δε ετυμpanισθησαν ου προσδεξαμενοι την απολυτρωσιν ινα κρειττονος αναστασεως τυχωσιν
- 36 Gen lòt ladan yo moun pase anba betiz, yo bat yo byen bat. Gen lòt ankò yo mare yo ak chenn, yo jete yo nan prizon.
 And others were tested by being laughed at or by blows, and even with chains and prisons:
 ετεροι δε εμπαιγμων και μαστιγων πειραν ελαβον ετι δε δεσμων και φυλακης
- 37 Yo touye yo anba kout wòch, yo siye yo fè de moso, yo touye yo ak nepe. Se kouri yo t'ap kouri soti yon kote al nan yon lòt tèlman moun t'ap pèsekite yo, tèlman yo t'ap maltrete yo. Se po mouton ak po kabrit yo pran sèvi rad tèlman yo te pòn.
 They were stoned, they were cut up with knives, they were tested, they were put to death with the sword, they went about in sheepskins and in goatskins; being poor and in pain and cruelly attacked, ελιθασθησαν επιρσιθησαν επιρσιθησαν εν φωνη μαχαιρας απεθανον περιηλθον εν μηλωταις εν αγειοις δερμασιν υστερουμενοι θλιβομενοι κακουχουμενοι
- 38 Moun konsa, latè pa t' bon ase pou yo. Yo t'ap kouri moute kouri desann nan dezè yo, nan mòn yo. Yo t'ap viv nan twou wòch ak nan twou tè.
 Wandering in waste places and in mountains and in holes in the rocks; for whom the world was not good enough.
 ων ουκ ην αξιος ο κοσμος εν ερημιας πλανωμενοι και ορεσιν και σπηλαιοις και ταις οπαις της γης
- 39 Tout moun sa yo, Bondye te dakò ak yo paske yo te gen konfyans nan li. Men, atousa, yo pa t' resewva sa Bondye te pwomèt la.
 And not one of these got the good things of the agreement, though they all had a good record through faith,
 και ουτοι παντες μαρτυρηθεντες δια της πιστεως ουκ εκομισαντο την επαγγελιαν
- 40 Bondye te sere yon pi bon bagay ankò pou nou. Li pa t' vle pou moun sa yo te rive bon nèt kite nou dèyè. Sèl jan pou moun sa yo te ka rive bon nèt, se ansanm ak nou.
 Because God had kept some better thing for us, so that it was not possible for them to become complete without us.
 του θεου περι ημων κρειττον τι προβλεψαμενου ινα μη χωρις ημων τελειωθωσιν
- 1 ¶ Konsa, nou la nan mitan foul moun sa yo ki te moutre jan yo te gen konfyans nan Bondye. Ann voye tout bagay k'ap antrave kous nou jete byen lwen, ansanm ak peche a ki fasil pou vlope nou.
 Ann kouri avèk pasyans nan chemen Bondye mete devan nou an.
 For this reason, as we are circled by so great a cloud of witnesses, putting off every weight, and the sin into which we come so readily, let us keep on running in the way which is marked out for us, τοιγαρουν και ημεις τοσοουτον εχοντες περικειμενον ημιν νεφος μαρτυρων ογκον αποθεμενοι παντα και την ευπεριστατον αμαρτιαν δι υπομονης τρεχωμεν τον προκειμενον ημιν αγωνα
- 2 Ann kenbe je nou kole sou Jezi. Se nan li konfyans nou soti, se li menm tou k'ap kenbe nou nan konfyans sa a jouk sa kaba. Li kite yo fè l' soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a pou anyen, paske li te toujou chonje apre l' te fin soufri a, Bondye t'ap fè kè l' kontan. Kifè koulye a li chita sou bò dwat fotèy Bondye a.
 Having our eyes fixed on Jesus, the guide and end of our faith, who went through the pains of the cross, not caring for the shame, because of the joy which was before him, and who has now taken his place at the right hand of God's seat of power.
 αφορωντες εις τον της πιστεως αρχηγον και τελειωτην ιησουν ος αντι της προκειμενης αυτω χαρας υπεμεινεν σταυρον αισχυνης καταφρονησας εν δεξια τε του θρονου του θεου εκαθισεν
- 3 Egzaminen ka li byen. Gade tou sa li sibi nan men bann pechè sa yo ki pa t' vle wè l' menm. Konsa tou, pa kouri pou batay la. Pa dekouraje.
 Give thought to him who has undergone so much of the hate of sinners against himself, so that you may not be tired and feeble of purpose.
 αναλογισασθε γαρ τον τοιαυτην υπομεμενηκοτα υπο των αμαρτωλων εις αυτον αντιλογιαν ινα μη καμητε ταις ψυχαις υμων εκλυομενοι
- 4 ¶ Paske nan batay n'ap mennen kont peche a, nou poko goumen jan nou ta dwe jouk pou nou ta mouri.
 Till now you have not given your blood in your fight against sin:
 ουπω μεχρις αιματος αντικατεστητε προς την αμαρτιαν ανταγωνιζομενοι
- 5 Eske nou gen tan bliye pawòl Bondye te di pou ankouraje nou tankou pitit li? Pitit mwen, lè Bondye ap peni ou, pa pran sa an jwèt. Lè l'ap fè ou repwòch, pa dekouraje.
 And you have not kept in mind the word which says to you as to sons, My son, do not make little of the Lord's punishment, and do not give up hope when you are judged by him;
 και εκλελησθε της παρακλησεως ητις υμιν ως υιοις διαλεγεται υιε μου μη ολιγωρει παιδειας κυριου μηδε εκλυου υπ αυτου ελεγχομενος
- 6 Paske Bondye peni moun li renmen. Se moun li rekonèt pou pitit li li bat.
 For the Lord sends punishment on his loved ones; everyone whom he takes as his son has experience of his rod.
 ον γαρ αγαπα κυριος παιδευει μαστιγοι δε παντα υιον ον παραδεχεται
- 7 Enben, sipòte soufrans sa yo tankou si se papa nou k'ap peni nou. Paske soufrans sa yo se prèy Bondye konsidere nou pou pitit li. Nou janm tande yon papa ki pa janm peni pitit li?
 It is for your training that you undergo these things; God is acting to you as a father does to his sons; for what son does not have punishment from his father?
 ει παιδειαν υπομενετε ως υιοις υμιν προσφερεται ο θεος τις γαρ εστιν υιος ον ου παιδευει πατηρ

- 8 Si Bondye pa peni nou tankou tout papa peni pitit yo, sa vle di nou pa pitit lejitim Bondye tout bon, nou se pitit deyò.
But if you have not that punishment of which we all have our part, then you are not true sons, but children of shame.
ει δε χωρις εστε παιδειας ης μετοχοι γεγονασιν παντες αρα νοθοι εστε και ουχ υιοι
- 9 Chonje sa papa nou sou latè a konn fè. Yo peni nou. Malgre sa, nou toujou respekte yo. Nou pa bezwen mande jan nou dwe soumèt devan Papa nou ki nan syèl la, si nou bezwen viv.
And again, if the fathers of our flesh gave us punishment and had our respect, how much more will we be under the authority of the Father of spirits, and have life?
ειτα τους μεν της σαρκος ημων πατερας ειχομεν παιδευτας και ενετρεπομεθα ου πολλω μαλλον υποταγησομεθα τω πατρι των πνευματων και ζησομεν
- 10 Papa nou sou latè a te konn peni nou pou yon ti tan, dapre sa yo te kwè ki te bon. Men, Bondye peni nou pou byen pa nou menm, pou nou ka rive viv menm jan l'ap viv la.
For they truly gave us punishment for a short time, as it seemed good to them; but he does it for our profit, so that we may become holy as he is.
οι μεν γαρ προς ολιγας ημερας κατα το δοκουν αυτοις παιδευον ο δε επι το συμφερον εις το μεταλαβειν της αγιοτητος αυτου
- 11 Lè y'ap peni nou, sa yon ti jan vle fè nou plis lapenn pase pou l' ta fè nou kontan. Men pita, moun ki sot byen elve apre tout penisyon sa yo, yo pral mennen yon lavi byen dwat ak kè poze.
At the time all punishment seems to be pain and not joy: but after, those who have been trained by it get from it the peace-giving fruit of righteousness.
πασα δε παιδεια προς μεν το παρον ου δοκει χαρας ειναι αλλα λυτης υστερον δε καρπον ειρηνικου τοις δι αυτης γεγυμνασμενοις αποδιδωσιν δικαιοσυνης
- 12 Se poutèt sa, souke kò nou. Pa kite fatig antre sou nou.
For this cause let the hands which are hanging down be lifted up, and let the feeble knees be made strong,
διο τας παρειμενας χειρας και τα παραλελυμενα γονατα ανορθωσατε
- 13 Mache kote ki plat pou pye k'ap bwete a pa foule pi plis, okontrè pou l' ka geri.
And make straight roads for your feet, so that the feeble may not be turned out of the way, but may be made strong.
και τροχιας ορθας ποιησατε τοις ποσιν υμων ινα μη το χωλον εκτραπη ιαθη δε μαλλον
- 14 Chache viv ak kè poze ak tout moun. Mennen yon lavi apa pou Bondye. Si se pa sa, pa gen moun k'ap wè Seyè a.
Let your desire be for peace with all men, and to be made holy, without which no man may see the Lord;
ειρηνην διωκετε μετα παντων και τον αγιασμον ου χωρις ουδεις οψεται τον κυριον
- 15 Pa kite pesonn vire do bay favè Bondye a. Pa kite pesonn tounen tankou yon plant anmè k'ap pouse rasin k'ap anpwazonnen lòt yo.
Looking with care to see that no man among you in his behaviour comes short of the grace of God; for fear that some bitter root may come up to be a trouble to you, and that some of you may be made unclean by it;
επισκοπουντες μη τις υστερων απο της χαριτος του θεου μη τις ριζα πικριας ανω φυουσα ενοχλη και δια ταυτης μιανθωσιν πολλοι
- 16 Pa kite pesonn tonbe nan move vis, ni pèdi respè yo dwe genyen pou bagay ki fèt pou respekte, tankou Ezaou ki te vann dwa li kòm premye pitit pou yon plat manje.
And that there may not be any evil liver, or any man without respect for God, like Esau, who let his birthright go for a plate of food.
μη τις πορνος η βεβηλος ως ησαν ος αντι βρωσεως μιας απεδото τα πρωτοτοκια αυτου
- 17 Nou konnen ki jan pita, lè li te vle resevwa benediksyon papa li, yo te mete l' sou kote. Malgre tout kriye li te kriye bay papa a, pa t' gen mwayen chanje sa ki te fin fèt la.
For you have knowledge that even long after, when he was desiring the blessing for his heritage, he was turned away, though he made his request frequently and with weeping; because the past might not be changed.
ιστε γαρ οτι και μετεπειτα θελων κληρονομησαι την ευλογιαν απεδοκιμασθη μετανοιας γαρ τοπον ουχ ευρεν καιπερ μετα δακρυων εκζητησας αυτην
- 18 ¶ Nou pa t' pwoche bò kot yon bagay nou ka manyen tankou pèp Izrayèl la ki te pwoche bò kot Mòn Sinayi a. Sou mòn sa a te gen yon gwo dife ansanm ak yon fènwa ki pa t' piti, te gen yon bann bagay tou pou fè moun pè. Yon gwo van tanpèt t'ap soufle sou mòn lan.
You have not come to a mountain which may be touched, and is burning with fire, and to a black cloud, and a dark smoke, and a violent wind,
ου γαρ προσεληλυθατε ψηλαφωμενω ορει και κεκαυμενω πυρι και γνοφω και σκοτω και θυελλη
- 19 Yo te tande son klewon k'ap kònen, ansanm ak vwa yon moun k'ap pale. Lè pitit Izrayèl yo tande vwa sa a, yo mande l' sispann pale.
And to the sound of a horn, and the voice of words, the hearers of which made request that not a word more might be said to them:
και σαλπιγγος ηχω και φωνη ρηματων ης οι ακουσαντες παρητησαντο μη προστεθηναι αυτοις λογον
- 20 Yo pa t' kapab sipòte lòd li te ba yo lè li te di: Menm si se yon bèt ki mete pye l' sou mòn sa a, se pou yo touye l' ak kout wòch.
For the order which said, If the mountain is touched even by a beast, the beast is to be stoned, seemed hard to them;
ουκ εφερον γαρ το διαστελλομενον καν θηριον θγη του ορους λιθοβοληθησεται η βολιδι κατατοξευθησεται

- 21 Moyiz menm, sa l' te wè devan je l' yo se te bagay terib. Se poutèt sa li te di: M'ap tranble kou fèy bwa tèlman mwen pè.
And the vision was so overpowering that even Moses said, I am shaking and full of fear.
 και ουτως φοβερων ην το φανταζομενος μωσης ειπεν εκφοβος ειμι και εντρομος
- 22 Okontrè, nou pwoche bò kot Mòn Siyon an, bò kot lavil Bondye vivan an, ki vle di: Jerizalèm ki nan syèl la ansanm ak tout kantite zanj li yo.
But you have come to the mountain of Zion, to the place of the living God, to the Jerusalem which is in heaven, and to an army of angels which may not be numbered,
 αλλα προσεληλυθατε σιων ορει και πολει θεου ζωντος ιερουσαλημ επουρανω και μυριασιν αγγελων
- 23 Nou pwoche kote tout premye pitit Bondye yo sanble ak kè kontan, yo menm ki gen non yo ekri nan Liv ki nan syèl la. Nou pwoche bò kot Bondye ki gen pou jije tout moun lan, kote lespri moun ki fin bon nèt yo ye a.
To the great meeting and church of the first of those who are named in heaven, and to God the judge of all, and to the spirits of good men made complete,
 πανηγυρει και εκκλησια πρωτοτοκων εν ουρανοις απογεγραμμενων και κριτη θεω παντων και πνευμασιν δικαιων τετελειωμενων
- 13 Si yon moun nan nou ap souffri, se pou li lapriyè. Si yon moun nan nou gen kè kontan, se pou l' chante kantik.
Is anyone among you in trouble? let him say prayers. Is anyone glad? let him make a song of praise.
κακοπαθει τις εν υμιν προσευχεσθω ευθυμει τις ψαλλετω
- 14 Si yon moun nan nou malad, se pou l' rele chèf reskonsab yo nan legliz la. Y'a lapriyè pou li, y'a pase lwil sou li nan non Seyè a.
Is anyone among you ill? let him send for the rulers of the church; and let them say prayers over him, putting oil on him in the name of the Lord.
ασθενει τις εν υμιν προσκαλεσασθω τους πρεσβυτερους της εκκλησιας και προσευξασθωσαν επ αυτον αλειψαντες αυτον ελαιω εν τω ονοματι του κυριου
- 15 Lè lapriyè a fèt ak konfyans, li va delivre malad la. Seyè a va fè l' leve gaya. Si li te fè kèk peche, Bondye va padonnen li.
And by the prayer of faith the man who is ill will be made well, and he will be lifted up by the Lord, and for any sin which he has done he will have forgiveness.
και η ευχη της πιστεως σωσει τον καμνοντα και εγειρει αυτον ο κυριος καν αμαρτιας η πεποιηκως αφηθησεται αυτο
- 16 Se pou nou konfese peche nou yo yonn bay lòt. Se pou yonn lapriyè pou lòt, pou nou kapab geri. Lè yon moun ap viv dwat devan Bondye, lapriyè moun sa a gen anpil pouvwa.
So then, make a statement of your sins to one another, and say prayers for one another so that you may be made well. The prayer of a good man is full of power in its working.
εξομολογεισθε αλληλοις τα παραπτωματα και ευχεσθε υπερ αλληλων οπως ιαθητε πολυ ισχυει δεησις δικαιου ενεργουμενη
- 17 Pwofèt Eli te yon moun menm jan ak nou. Li te lapriyè rèd pou lapli pa t' tonbe. Konsa vre, lapli pa tonbe pandan twazan sis mwa.
Elijah was a man of flesh and blood as we are, and he made a strong prayer that there might be no rain; and there was no rain on the earth for three years and six months.
ηλιας ανθρωπος ην ομοιοπαθης ημιν και προσευχη προσηυξατο του μη βρεξει και ουκ εβρεξεν επι της γης ενιαυτους τρεις και μηνας εξ
- 18 Apre sa, li lapriyè ankò. Lè sa a, syèl la louvri, lapli tonbe, latè bay bèl rekòt.
And he made another prayer, and the heaven sent down rain and the earth gave her fruit.
και παλιν προσηυξατο και ο ουρανος υετον εδωκεν και η γη εβλαστησεν τον καρπον αυτης
- 19 Frè m' yo, si yonn nan nou pèdi chemen laverite a, epi yon lòt frè mennen l' tounen ankò,
My brothers, if one of you has gone out of the way of the true faith and another has made him see his error,
αδελφοι εαν τις εν υμιν πλανηθη απο της αληθειας και επιστρεψη τις αυτον
- 20 konnen sa byen: lè yon moun pèdi chemen l' poutèt peche li yo, si yon lòt mennen l' tounen, se yon nanm li rache anba lanmò. Anmenmtan, li jwenn padon pou anpil peche.
Be certain that he through whom a sinner has been turned from the error of his way, keeps a soul from death and is the cause of forgiveness for sins without number.
γινωσκετω οτι ο επιστρεψας αμαρτωλον εκ πλανης οδου αυτου σωσει ψυχην εκ θανατου και καλυπει πληθος αμαρτιων
- 1 ¶ Se mwen menm, Pyè, apòt Jezikri, k'ap ekri lèt sa a pou nou tout ki fè pati pèp Bondye te chwazi a men k'ap viv tankou etranje, gaye nan peyi Pon, Galasi, Kapadòs, Lazi ak Bitini.
Peter, an Apostle of Jesus Christ, to the saints who are living in Pontus, Galatia, Cappadocia, Asia, and Bithynia,
πετρος αποστολος ιησου χριστου εκλεκτοις παρεπιδημοις διασπορας ποντου γαλατιας καππαδοκιας ασιας και βιθυνιας
- 2 Se Bondye Papa a ki te chwazi nou dapre plan li te fè davans lan. Gremesi Sentespri li a, li mete nou apa pou li pou n' obeyi Jezikri, pou san Jezikri ki koule pou nou an ka mete nou nan kondisyon pou sèvi Bondye. M'ap mande Bondye pou nou resewva anpil benediksyon ak kè poze.
Who, through the purpose of God, have been made holy by the Spirit, disciples of Jesus, made clean by his blood: May you have grace and peace in full measure.
κατα προγωσιν θεου πατρος εν αγιασμοω πνευματος εις υπακοην και ραντισμον αιματος ιησου χριστου χαρις υμιν και ειρηνη πληθυνθειη
- 3 ¶ Ann fè lwanj Bondye, Papa Jezikri, Seyè nou an. Paske, nan kè sansib li, li ban nou lavi ankò lè li te fè Jezikri leve soti vivan nan lanmò a. Sa fè nou viv ak anpil espwa.
Praise be to the God and Father of our Lord Jesus Christ, who through his great mercy has given us a new birth and a living hope by the coming again of Jesus Christ from the dead,
ευλογητος ο θεος και πατηρ του κυριου ημων ιησου χριστου ο κατα το πολυ αυτου ελεος αναγεννησας ημας εις ελπιδα ζωσαν δι αναστασεως ιησου χριστου εκ νεκρων
- 4 N'ap tann lè pou n' resewva eritaj Bondye a, eritaj ki p'ap janm pouri, ki p'ap janm sal, ni ki p'ap janm pèdi frechè l', eritaj li sere pou nou nan syèl la.
And a heritage fair, holy and for ever new, waiting in heaven for you,
εις κληρονομιαν αφθαρτον και αμιαντον και αμαραντον τετηρημενην εν ουρανοις εις ημας

- 5 Paske nou menm nou gen konfyans nan li, Bondye ap pwoteje nou ak pouvwa li jouk la delivre nou jan sa pral parèt akèlè nan dènye tan an.
Who, by the power of God are kept, through faith, for that salvation, which will be seen at the last day.
τους εν δυναμει θεου φρουρουμενους δια πιστεως εις σωτηριαν ετοιμην αποκαλυφθηναι εν καιρω εσχατω
- 6 ¶ Sa fè nou kontan anpil, menm si koulye a nou blije gen lapenn anpil pou yon ti tan, avèk tout kalite eprèv n'ap sibi yo.
You have cause for great joy in this, though it may have been necessary for you to be troubled for a little time, being tested in all sorts of ways,
εν ω αγαλλιασθε ολιγον αρτι ει δεον εστιν λυπηθεντες εν ποικιλοις πειρασμοις
- 7 Paske, konfyans nou se tankou lò li ye. Yo blije pase lò a, ki yon bagay perisab, nan dife pou wè si l' bon. Konsa tou, konfyans nou ki gen plis valè pase lò a gen pou pase anba eprèv tou, pou nou ka resevwa lwanj, onè ak respè lè Jezikri va parèt.
So that the true metal of your faith, being of much greater value than gold (which, though it comes to an end, is tested by fire), may come to light in praise and glory and honour, at the revelation of Jesus Christ:
ινα το δοκιμιον υμων της πιστεως πολυ τιμιωτερον χρυσιου του απολλυμενου δια πυρος δε δοκιμαζομενου ευρεθη εις επαινον και τιμην και δοξαν εν αποκαλυψει ιησου χριστου
- 8 Nou renmen l', atout nou pa te wè l'; nou gen konfyans nan li, atout nou pa wè l' koulye a. Konsa, nou kontan ak yon kontantman nou pa ka esplike men ki merite lwanj,
To whom your love is given, though you have not seen him; and the faith which you have in him, though you do not see him now, gives you joy greater than words and full of glory:
ον ουκ ειδοτες αγαπατε εις ον αρτι μη ορωντες πιστευοντες δε αγαλλιασθε χαρα ανεκλαλητω και δεδοξασμενη
- 9 paske nou jwenn sa nou t'ap chache lè nou te kwè a: delivrans pou nanm nou.
For so you have the true end of your faith, even the salvation of your souls.
κομιζομενοι το τελος της πιστεως υμων σωτηριαν ψυχων
- 10 ¶ Pwofèt yo te chache anpil, yo te fouye anpil pou yo te ka konnen ki jan Bondye t'ap delivre nou. Yo te di davans ki kalite favè Bondye tapral fè nou.
For the prophets who gave the news of the grace which would come to you, made search with all care for knowledge of this salvation;
περι ης σωτηριας εξεζητησαν και εξηρρευησαν προφηται οι περι της εις υμας χαριτος προφητευσαντες
- 11 Lespri Kris la ki te nan yo te fè yo konnen davans tou sa Kris la tapral soufri, ansanm ak lwanj ki t'ap tann li apre sa. Men, yo t'ap chache konnen tou kilè ak nan ki sikonstans sa tapral rive.
Attempting to see what sort of time the Spirit of Christ which was in them was pointing to, when it gave witness to the pains which Christ would undergo and the glories which would come after them.
ερευνωντες εις τινα η ποιον καιρον εδηλου το εν αυτοις πνευμα χριστου προμαρτυρομενον τα εις χριστον παθηματα και τας μετα ταυτα δοξας
- 12 Se konsa, Bondye fè yo konnen sèvis yo t'ap fè lè yo te bay mesaj la, se pa t' pou yo, men pou nou. Gremesi moun k'ap anonse nou bon nouvèl la, avèk pouvwa Sentespri ki soti nan syèl la, nou konnen bagay sa yo koulye a, bagay ata zanj yo ta renmen konprann.
And it was made clear to those prophets that they were God's servants not for themselves but for you, to give you word of the things which have now come to your ears from the preachers of the good news through the Holy Spirit sent down from heaven; things which even angels have a desire to see.
οις απεκαλυφθη οτι ουχ εαυτοις ημιν δε διηκονουν αυτα α νυν ανηγγελη υμιν δια των ευαγγελισαμενων υμας εν πνευματι αγιω αποσταλεντι απ ουρανου εις α επιθυμουσιν αγγελιοι παραकुψαι
- 13 ¶ Se poutèt sa, konnen byen sa nou pral fè. Mete tèt nou an plas. Mete tout espwa nou nan benediksyon nou pral resevwa lè Jezikri va parèt.
So make your minds ready, and keep on the watch, hoping with all your power for the grace which is to come to you at the revelation of Jesus Christ;
διο αναζωσαμενοι τας οσφρας της διανοιας υμων νηφοντες τελειως ελπισατε επι την φερομενην υμιν χαριν εν αποκαλυψει ιησου χριστου
- 14 Tankou timoun obeyisan, pa kite move lanvi nou te genyen nan tan lontan yo mennen lavi nou ankò, tankou anvan lè nou pa t' konn Bondye.
Like children ruled by God, do not go back to the old desires of the time when you were without knowledge:
ως τεκνα υπακοης μη συσχηματιζομενοι ταις προτερον εν τη αγνοια υμων επιθυμιας
- 15 Okontrè, nan tou sa n'ap fè, se pou nou bon nèt, tankou Bondye ki rele nou an bon nèt tou.
But be holy in every detail of your lives, as he, whose servants you are, is holy;
αλλα κατα τον καλεσαντα υμας αγιον και αυτοι αγιοι εν παση αναστροφη γενηθητε
- 16 Paske, men sa ki ekri nan Liv la: Se pou nou bon nèt, paske mwenn menm, mwenn bon nèt.
Because it has been said in the Writings, You are to be holy, for I am holy.
διοτι γεγραπται αγιοι γενεσθε οτι εγω αγιος ειμι

- 17 Si lè n'ap lapriyè nou rele Bondye: Papa, li menm ki p'ap gade sou figi moun men k'ap jije tout moun menm jan dapre sa yo fè, se pou nou viv ak krentif pou Bondye pandan ti tan ki rete pou nou pase sou tè a.
And if you give the name of Father to him who, judging every man by his acts, has no respect for a man's position, then go in fear while you are on this earth:
και ει πατερα επικαλεισθε τον απροσωποληπτως κρινοντα κατα το εκαστου εργον εν φοβω τον της παροικιας υμων χρονον αναστραφιτε
- 18 Bondye wete nou nan lavi san sans nou te resevwa nan men zansèt nou yo. Nou konnen sa li te peye pou sa. Se pa t' avèk bagay ki ka pèdi valè yo tankou lajan ak lò.
Being conscious that you have been made free from that foolish way of life which was your heritage from your fathers, not through a payment of things like silver or gold which come to destruction,
ειδοτες οτι ου φθαρτοις αργυριω η χρυσειω ελυτρωθητε εκ της ματαιιας υμων αναστροφης πατροπαραδοτου
- 19 Men, se avèk gwo ofrann san Kris la ki te koule lè li te ofri tèt li tankou yon ti mouton san defo ni ankenn enfimite.
But through holy blood, like that of a clean and unmarked lamb, even the blood of Christ:
αλλα τιμω αιματι ως αμνου αμωμου και ασπιλου χριστου
- 20 Bondye te chwazi l' pou sa depi anvan li te kreye tout bagay. Men, se nan dènve tan sa yo li vin parèt pou byen nou.
Who was marked out by God before the making of the world, but was caused to be seen in these last times for you,
προεγνωσμενου μεν προ καταβολης κοσμου φανερωθεντος δε επ εσχατων των χρονων δι υμας
- 21 Gremesi Kris la, nou gen konfyans nan Bondye ki te fè l' leve soti vivan nan lanmò, nan Bondye ki te ba l' Iwanj. Konsa, nou mete tout konfyans nou ak tout espwa nou nan Bondye.
Who through him have faith in God who took him up again from the dead into glory; so that your faith and hope might be in God.
τους δι αυτου πιστευοντας εις θεον τον εγειραντα αυτον εκ νεκρων και δοξαν αυτω δοντα οστε την πιστιν υμων και ελπιδα ειναι εις θεον
- 22 Koulye a, lè n'ap obeyi verite a, nou nan kondisyon pou nou fè sèvis Bondye, pou nou sa gen yon renmen sensè pou frè yo. Se sak fè, se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou, ak tout fòs nou.
And as you have made your souls clean, being ruled by what is true, and loving one another without deceit, see that your love is warm and from the heart:
τας ψυχας υμων ηγικωτες εν τη υπακοη της αληθειας δια πνευματος εις φιλαδελφιαν ανυποκριτον εκ καθαρας καρδιας αλληλους αγαπησατε εκτενως
- 23 Gremesi pawòl Bondye a ki yon pawòl vivan epi ki la pou tout tan, nou resevwa yon lòt lavi. Fwa sa a, nou pa soti nan yon jèm ki ka mouri, men nan yon jèm ki pa ka mouri.
Because you have had a new birth, not from the seed of man, but from eternal seed, through the word of a living and unchanging God.
αναγεγεννημενοι ουκ εκ σπορας φθαρτης αλλα αφθαρτου δια λογου ζωντος θεου και μενοντος εις τον αιωνα
- 24 ¶ Jan sa ekri nan Liv la: Moun, se tankou zèb yo ye. Tout bèl ou wè yo bèl la, se tankou flè zèb la yo ye. Zèb la chèch, flè a tonbe.
For it is said, All flesh is like grass, and all its glory like the flower of the grass. The grass becomes dry and the flower dead:
διοτι πασα σαρξ ως χορτος και πασα δοξα ανθρωπου ως ανθος χορτου εξηρανθη ο χορτος και το ανθος αυτου εξεπεσεν
- 25 Men, pawòl Bondye a la pou tout tan. Se pawòl sa a bon nouvèl la te pote ban nou.
But the word of the Lord is eternal. And this is the word of the good news which was given to you.
το δε ρημα κυριου μενει εις τον αιωνα τουτο δε εστιν το ρημα το ευαγγελισθεν εις υμας
- 1 ¶ Se poutèt sa, derasinen tout mechanste ki te nan lavi nou. Sispann bay manti, sispann fè ipokrizi, sispann fè jalouzi ak tripotaj.
So putting away all wrongdoing, and all tricks and deceits and envies and evil talk,
αποθεμενοι ουν πασαν κακιαν και παντα δολον και υποκρισεις και φθονους και πασας καταλαλιας
- 2 Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki soti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt.
Be full of desire for the true milk of the word, as babies at their mothers' breasts, so that you may go on to salvation;
ως αρτιγεννητα βρεφη το λογικον αδολον γαλα επιποθησατε ινα εν αυτω αυξηθητε
- 3 Paske, nou deja goute Mèt la, nou wè jan li bon.
If you have had a taste of the grace of the Lord:
ειπερ εγευσασθε οτι χριστος ο κυριος
- 4 ¶ Pwoche vin jwenn Seyè a, li menm ki wòch vivan an. Moun te voye li jete paske pou yo li te san valè. Men, li gen anpil valè pou Bondye ki te chwazi li.
To whom you come, as to a living stone, not honoured by men, but of great and special value to God;
προς ον προσερχομενοι λιθον ζωντα υπο ανθρωπων μεν αποδοκιμασμενον παρα δε θεω εκλεκτον εντιμον

- 5 Nou menm tou, tankou wòch vivan, kite Bondye sèvi ak nou pou bati kay li a ak pouvwa Sentespri, pou nou ka sèvi l' tankou prèt k'ap viv pou li. Konsa, gremesi Jezikri, n'a ofri bay Bondye ofrann ki soti nan kè nou, ofrann ki pou fè l' plezi.
 You, as living stones, are being made into a house of the spirit, a holy order of priests, making those offerings of the spirit which are pleasing to God through Jesus Christ.
 και αυτοι ως λιθοι ζωντες οικοδομεισθε οικος πνευματικος ιερατευμα αγιον ανενεγκαι πνευματικας θυσιας ευπροσδεκτους τω θεω δια ιησου χριστου
- 6 Se poutèt sa nou jwenn sa ekri nan Liv la: Men li, mwen mete yon wòch nan mitan peyi Siyon, yon wòch kwen mwen menm mwen chwazi epi ki gen anpil valè. Moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm soti wont.
 Because it is said in the Writings, See, I am placing a keystone in Zion, of great and special value; and the man who has faith in him will not be put to shame.
 διο και περιεχει εν τη γραφη ιδου τιθημι εν σιων λιθον ακρογωνιαιον εκλεκτον εντιμον και ο πιστευων επ αυτω ου μη καταισχυνη
- 7 Pou nou menm ki mete konfyans nou nan wòch la, wòch la gen anpil valè. Men, pou moun ki pa mete konfyans yo nan li, sa ki ekri nan Liv la pral rive vre: Wòch moun ki t'ap bati yo te voye jete a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la.
 And the value is for you who have faith; but it is said for those without faith, The very stone which the builders put on one side, was made the chief stone of the building;
 υμιν ουν η τιμη τοις πιστευουσιν απειθουσιν δε λιθον ον απεδοκιμασαν οι οικοδομουντες ουτος εγενηθη εις κεφαλην γωνιας
- 8 Se yon wòch k'ap fè moun bite, yon gwo wòch k'ap fè yo tonbe. Yo bite, paske yo pa koute pawòl la. Enben, se sa ki te sere pou yo.
 And, A stone of falling, a rock of trouble; the word is the cause of their fall, because they go against it, and this was the purpose of God.
 και λιθος προσκομιματος και πετρα σκανδαλου οι προσκοπτουσιν τω λογω απειθουντες εις ο και ετεθησαν
- 9 Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prèt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a.
 But you are a special people, a holy nation, priests and kings, a people given up completely to God, so that you may make clear the virtues of him who took you out of the dark into the light of heaven.
 υμεις δε γενοσ εκλεκτον βασιλειον ιερατευμα εθνος αγιον λαος εις περιποιησιν οπως τας αρετας εξαγγελιητε του εκ σκοτους υμας καλεσαντος εις το θαυμαστον αυτου φως
- 10 Anvan sa, nou pa t' menm yon nasyon. Men koulye a, nou se pèp Bondye a. Anvan sa, Bondye pa t' gen pitye pou nou. Koulye a, li gen pitye pou nou.
 In the past you were not a people, but now you are the people of God; then there was no mercy for you, but now mercy has been given to you.
 οι ποτε ου λαος νυν δε λαος θεου οι ουκ ηλεημενοι νυν δε ελεηθεντες
- 11 Zanmi m' yo, men sa m'ap mande nou. M'ap pale ak nou koulye a tankou ak moun ki etranje, ki depasaj sou latè: Se pou nou kenbe tèt ak tout egzijans lachè a k'ap goumen kont nanm nou.
 My loved ones, I make this request with all my heart, that, as those for whom this world is a strange country, you will keep yourselves from the desires of the flesh which make war against the soul;
 αγαπητοι παρακαλω ως παροικους και παρεπιδημους απεχεσθαι των σαρκικων επιθυμιων αιτινες στρατευονται κατα της ψυχης
- 12 Se pou nou gen yon bon kondit nan mitan moun sa yo ki pa konn Bondye. Konsa, lè y'ap pale nou mal, lè y'ap di se yon bann malfektè nou ye, y'a gen pou yo rekonèt tout byen n'ap fè a, y'a fè lwanj Bondye lè la vin jije yo.
 Being of good behaviour among the Gentiles; so that though they say now that you are evil-doers, they may see your good works and give glory to God when he comes to be their judge.
 την αναστροφην υμων εν τοις εθνεσιν εχοντες καλην ινα εν ω καταλαλουσιν υμων ως κακοποιων εκ των καλων εργων εποπτευσαντες δοξασουσιν τον θεον εν ημερα επισκοπης
- 13 ¶ Soumèt devan tout otorite lèzòm etabli. Fè sa pou Bondye. Soumèt devan wa a, paske se li ki pi gwo chèf.
 Keep all the laws of men because of the Lord; those of the king, who is over all,
 υποταγητε ουν παση ανθρωπινη κτισει δια τον κυριον ειτε βασιλει ως υπερεχοντι
- 14 Soumèt devan majistra yo, paske wa a voye yo pou peni tout moun k'ap fè mal, pou fè lwanj tout moun k'ap fè byen.
 And those of the rulers who are sent by him for the punishment of evil-doers and for the praise of those who do well.
 ειτε ηγεμοσιν ως δι αυτου πεμπομενοις εις εκδικησιν μεν κακοποιων επαινον δε αγαθοποιων
- 15 Paske, Bondye vle pou n' fè sa ki byen, pou n' ka fèmen bouch moun sa yo ki pa konn anyen, ki san konprann.
 Because it is God's pleasure that foolish and narrow-minded men may be put to shame by your good behaviour:
 οτι ουτως εστιν το θελημα του θεου αγαθοποιουντας φιμουσ την των αφρονων ανθρωπων αγνωσιν
- 16 Se pou nou viv tankou moun ki gen tout libète yo. Men, nou pa dwe pran libète sa a sèvi yon kouvèti pou nou fè sa ki mal. Se pou nou viv tankou moun k'ap sèvi Bondye.
 As those who are free, not using your free position as a cover for wrongdoing, but living as the servants of God;
 ως ελευθεροι και μη ως επικαλυμμα εχοντες της κακιας την ελευθεριαν αλλ ως δουλοι θεου

- 17 Se pou nou bay chak moun respè li merite. renmen tout frè nou yo, gen krentif pou Bondye, respekte wa a.
Have respect for all, loving the brothers, fearing God, honouring the king.
παντας τιμησατε την αδελφοτητα αγαπατε τον θεον φοβεισθε τον βασιλευα τιματε
- 18 Nou menm domestik yo, nou fèt pou soumèt devan mèt nou yo avèk tout respè yo merite. Pa sèlman devan mèt ki bon yo, mèt ki gen bon kè yo, men devan mèt ki gen karaktè difisil yo tou.
Servants, take orders from your masters with all respect; not only if they are good and gentle, but even if they are bad-humoured.
οι οικεται υποτασσομενοι εν παντι φοβω τοις δεσποταις ου μονον τοις αγαθοις και επιεικεισιν αλλα και τοις σκολιοις
- 19 Bondye va beni nou, si, lè y'ap fè nou soufri pou sa nou pa fè, nou sipòte lafliksyon an paske nou konnen se sa Bondye vle.
For it is a sign of grace if a man, desiring to do right in the eyes of God, undergoes pain as punishment for something which he has not done.
τουτο γαρ χαρις ει δια συνειδησιν θεου υποφερει τις λυπας πασχων αδικως
- 20 Ki lwanj ki gen nan sa si nou sipòte lè y'ap maltrete nou pou sa nou fè ki mal? Men, si lè nou fè byen, nou sipòte tou sa y'ap fè nou soufri poutèt byen nou fè a, sa se yon bèl bagay devan Bondye.
What credit is it if, when you have done evil, you take your punishment quietly? but if you are given punishment for doing right, and take it quietly, this is pleasing to God.
ποιον γαρ κλεος ει αμαρτανοντες και κολαφιζομενοι υπομενειτε αλλ ει αγαθοποιουντες και πασχοντες υπομενειτε τουτο χαρις παρα θεω
- 21 Se pou sa menm Bondye te rele nou, paske Kris la te soufri pou nou. Li kite yon egzanz pou nou swiv pye pou pye.
This is God's purpose for you: because Jesus himself underwent punishment for you, giving you an example, so that you might go in his footsteps:
εις τουτο γαρ εκληθητε οτι και χριστος επαθεν υπερ ημων ημιν υπολιμπανων υπογραμμον ινα επακολουθησητε τοις ιχνεσιν αυτου
- 22 Li pa t' janm fè ankenn peche. Ankenn manti pa t' janm soti nan bouch li.
Who did no evil, and there was no deceit in his mouth:
ος αμαρτιαν ουκ εποιησεν ουδε ευρεθη δολος εν τω στοματι αυτου
- 23 Lè yo t'ap joure l', li pa t' reponn. Lè yo t'ap maltrete l', li pa t' mennase pesonn. Men, li renmèt kòz li nan men Bondye k'ap jije tout bagay san patipri.
To sharp words he gave no sharp answer; when he was undergoing pain, no angry word came from his lips; but he put himself into the hands of the judge of righteousness:
ος λαιδορουμενος ουκ αντελαιδορει πασχων ουκ ηπειλει παρεδιδου δε τω κρινοντι δικαιως
- 24 Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye. Li te kite yo maltrete l' pou l' te ka geri nou.
He took our sins on himself, giving his body to be nailed on the tree, so that we, being dead to sin, might have a new life in righteousness, and by his wounds we have been made well.
ος τας αμαρτιας ημων αυτος ανηνεγκεν εν τω σωματι αυτου επι το ξυλον ινα ταις αμαρτιαις απογενομενοι τη δικαιοσυνη ζησωμεν ου τω μωλωπι αυτου ιαθητε
- 25 Nou te tankou mouton ki te pèdi bann yo. Men, koulye a, nou tounen vin jwenn Kris la ki gaddò nou, k'ap veye sou nanm nou.
Because, like sheep, you had gone out of the way; but now you have come back to him who keeps watch over your souls.
ητε γαρ ως προβατα πλανωμενα αλλ επεστραφητε νυν επι τον ποιμενα και επισκοπον των ψυχων υμων
- 1 ¶ Menm jan an tou, nou menm medam, soumèt devan mari nou. Konsa, si gen nan mari nou yo ki pa kwè nan Bondye, kondit nou kont pou fè yo kwè, san n' pa janm bezwen louvri bouch nou,
Wives, be ruled by your husbands; so that even if some of them give no attention to the word, their hearts may be changed by the behaviour of their wives,
ομοιως αι γυναικες υποτασσομεναι τοις ιδιοις ανδρασιν ινα και ει τινες απειθουσιν τω λογω δια της των γυναικων αναστροφης ανευ λογου κερδηθησονται
- 2 paske y'a wè jan nou viv byen, jan nou respekte yo.
When they see your holy behaviour in the fear of God.
εποπτευσαντες την εν φοβω αγνην αναστροφην υμων
- 3 Nou pa bezwen fè kò nou bèl ak bagay moun ka wè, tankou lè n'ap fè anpil kwafi estraòdenè, lè n'ap mete kantite bijou an lò ak kantite rad ki koute chè sou nou.
Do not let your ornaments be those of the body such as dressing of the hair, or putting on of jewels of gold or fair clothing;
ων εστω ουχ ο εξωθεν εμπλοκης τριχων και περιθεσεως χρυσιων η ενδυσεως ιματιων κοσμος
- 4 Okontrè, se sa ki nan kè nou ki tout bèlte nou, yon bèlte ki p'ap janm pase. Se pou nou gen yon karaktè dou, yon karaktè poze. Se sa ki gen valè devan Bondye.
But let them be those of the unseen man of the heart, the ever-shining ornament of a gentle and quiet spirit, which is of great price in the eyes of God.
αλλ ο κρυπτος της καρδιας ανθρωπος εν τω αφαρτω του πραεος και ησυχιου πνευματος ο εστιν ενωπιον του θεου πολυτελες
- 5 Nan tan lontan, se konsa medam ki t'ap viv pou Bondye yo te fè tèt yo bèl: yo te mete espwa yo nan Bondye, yo te soumèt devan mari yo.
And these were the ornaments of the holy women of the past, whose hope was in God, being ruled by their husbands:
ουτως γαρ ποτε και αι αγiai γυναικες αι ελπιζουσαι επι τον θεον εκοσμουν εαυτας υποτασσομεναι τοις ιδιοις ανδρασιν

- 6 Se konsa Sara te ye. Li te soumèt devan Abraram jouk pou li te rele l' mèt. Nou menm tou, medam, nou se pitit Sara, si nou fè sa ki byen san nou pa pè anyen.
As Sarah was ruled by Abraham, naming him lord; whose children you are if you do well, and are not put in fear by any danger.
 ως σαρρα υπηκουσεν τω αβρααμ κυριον αυτον καλουσα ης εγεννηθητε τεκνα αγαθοποιουσαι και μη φοβουμεναι μηδεμιαν πτοησιν
- 7 Menm jan an tou, nou menm mari, nan tout bagay se pou nou viv byen ak madanm nou paske yo pi fèb pase nou. Ba yo tout respè yo merite, paske yo menm tou y'a resevwa menm lavi avèk nou tankou yon favè nan men Bondye. Konsa, anyen p'ap antrave lapriyè nou.
And you husbands, give thought to your way of life with your wives, giving honour to the woman who is the feebler vessel, but who has an equal part in the heritage of the grace of life; so that you may not be kept from prayer.
 οι ανδρες ομοιως συνοικουντες κατα γνωσιν ως ασθενεστερω σκευει τω γυναικειω απονεμοντες τιμην ως και συγκληρονομοι χαριτος ζωης εις το μη εκκοπτεσθαι τας προσευχας υμων
- 8 ¶ Pou fini, nou tout nou dwe dakò yonn ak lòt, se pou nou gen menm santiman yonn pou lòt. Se pou nou yonn renmen lòt tankou frè ak sè, se pou nou gen bon kè, san lògèy.
Last of all, see that you are all in agreement; feeling for one another, loving one another like brothers, full of pity, without pride:
 το δε τελος παντες ομοφρονες συμπαθεις φιλαδελφοι ευσπλαγγχοι φιλοφρονες
- 9 Pa rann moun mal pou mal, jouman pou jouman. Okontrè, lè konsa, mande benediksyon pou yo, paske se benediksyon Bondye te pwomèt pou l' ban nou lè li te rele nou an.
Not giving back evil for evil, or curse for curse, but in place of cursing, blessing; because this is the purpose of God for you that you may have a heritage of blessing.
 μη αποδιδοντες κακον αντι κακου η λαιδοριαν αντι λαιδοριας τουναντιον δε ευλογουντες ειδοτες οτι εις τουτο εκληθητε ινα ευλογιαν κληρονομησητε
- 10 Paske: Si yon moun vle jwi lavi a, si l' anvè pase kèk bon kadè sou latè, se pou l' kenbe lang li pou l' pa pale moun mal. Se pou l' veye bouch li pou l' pa bay manti.
For it is said, Let the man who has a love of life, desiring to see good days, keep his tongue from evil and his lips from words of deceit:
 ο γαρ θελων ζωην αγαπαν και ιδειν ημερας αγαθας παυσατω την γλωσσαν αυτου απο κακου και χειλη αυτου του μη λαλησαι δολον
- 11 Se pou l' sispann fè sa ki mal, se pou l' fè sa ki byen. Se pou l' chache viv byen ak moun. Se pou l' fè sa li kapab pou li viv byen ak tout moun.
And let him be turned from evil and do good; searching for peace and going after it with all his heart.
 εκκλινατω απο κακου και ποιησατω αγαθον ζητησατω ειρηνην και διωξατω αυτην
- 12 Paske, Bondye veye sou moun k'ap mache dwat devan li. Li tande yo lè y'ap lapriyè nan pye l'. Men, l'ap vire do bay moun k'ap fè sa ki mal.
For the eyes of the Lord are on the upright, and his ears are open to their prayers: but the face of the Lord is against those who do evil.
 οτι οι οφθαλμοι κυριου επι δικαιους και οτα αυτου εις δεησιν αυτων προσωπον δε κυριου επι ποιουντας κακα
- 13 Ki moun ki ka fè nou mal si se byen ase nou vle fè?
Who will do you any damage if you keep your minds fixed on what is good?
 και τις ο κακωσων υμας εαν του αγαθου μιμηται γενησθε
- 14 Men, si nou rive soufri poutèt byen nou fè, konsidere sa tankou yon benediksyon. Nou pa bezwen pè moun, nou pa bezwen toumante tèt nou pou anyen.
But you are happy if you undergo pain because of righteousness; have no part in their fear and do not be troubled;
 αλλ ει και πασχοιτε δια δικαιοσυνην μακαριοι τον δε φοβον αυτων μη φοβηθητε μηδε παραχθητε
- 15 Sèl bagay, se pou nou rekòntè se Kris la ki Seyè a nan kè nou. Se pou n' toujou pare pou n' defann tèt nou chak fwa yon moun mande nou esplikasyon sou espwa nou gen nan kè nou an.
But give honour to Christ in your hearts as your Lord; and be ready at any time when you are questioned about the hope which is in you, to give an answer in the fear of the Lord and without pride;
 κυριον δε τον θεον αγιασατε εν ταις καρδιας υμων ετοιμοι δε αι προς απολογιαν παντι τω αιτουντι υμας λογον περι της εν υμιν ελπιδος μετα πραυτητος και φοβου
- 16 ¶ Men, fè sa avèk dousè ak tout respè. Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k'ap pale nou mal poutèt bon kondit nou gen nan Kris la, se yo menm ki va wont pou pawòl yo te di lè yo t'ap joure nou an.
Being conscious that you have done no wrong; so that those who say evil things about your good way of life as Christians may be put to shame.
 συνειδησιν εχοντες αγαθην ινα εν ω καταλαλωσιν υμων ως κακοποιων καταισχνυθωσιν οι επηρεαζοντες υμων την αγαθην εν χριστω αναστροφην
- 17 Se volonte Bondye pou nou fè sa ki byen. Menm si nou gen pou n' soufri, li pa vle nou fè sa ki mal.
Because if it is God's purpose for you to undergo pain, it is better to do so for well-doing than for evil-doing.
 κρειττον γαρ αγαθοποιουντας ει θελει το θελημα του θεου πασχειν η κακοποιουντας
- 18 ¶ Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvw Lespri Bondye a, li leve vivan ankò.
Because Christ once went through pain for sins, the upright one taking the place of sinners, so that through him we might come back to God; being put to death in the flesh, but given life in the Spirit;
 οτι και χριστος απαξ περι αμαρτιων επαθεν δικαιος υπερ αδικων ινα ημας προσαγαγη τω θεω θανατωθεις μεν σαρκι ζωοποιηθεις δε τω πνευματι

- 19 Ak pounwa menm Lespri a, li te al preche nanm ki nan prizon yo.
By whom he went to the spirits in prison, preaching to those
εν ω και τοις εν φυλακη πνευμασιν πορευθεις εκηρυξεν
- 20 Se nanm moun ki nan tan lontan te derefize kwè nan Bondye. Se te sou tan Noe. Lè sa a, Bondye t'ap tann ak pasyans pandan Noe t'ap fè gwo batiman an. Nan batiman sa a, se kèk moun sèlman, wit moun antou, ki te sove nan dlo a.
Who, in the days of Noah, went against God's orders; but God in his mercy kept back the punishment, while Noah got ready the ark, in which a small number, that is to say eight persons, got salvation through water:
απειθησασιν ποτε οτε απαξ εξεδεχετο η του θεου μακροθυμια εν ημεραις νωε κατασκευαζομενης κιβωτου εις ην ολιγαι τουτεστιν οκτω ψυχαι διεσωθησαν δι υδατος
- 21 ¶ Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan k'ap delivre nou koulye a. Batèm lan, se pa youn bagay k'ap wete kras sou kò nou. Men, se youn angajman nou pran devan Bondye ak youn konsyans san repwòch. Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti vivan nan lanmò.
And baptism, of which this is an image, now gives you salvation, not by washing clean the flesh, but by making you free from the sense of sin before God, through the coming again of Jesus Christ from the dead;
ο και ημας αντιτυπον νυν σωζει βαπτισμα ου σαρκος αποθεσις ρυπου αλλα συνειδησεως αγαθης επερωτημα εις θεον δι αναστασεως ιησου χριστου
- 22 ki moute nan syèl la, ki chita sou bò dwat Bondye kote l'ap domennen sou tout zanj yo, sou tout chèf yo ak sou tout otorite yo.
Who has gone into heaven, and is at the right hand of God, angels and authorities and powers having been put under his rule.
ος εστιν εν δεξια του θεου πορευθεις εις ουρανον υποταγεντων αυτω αγγελων και εξουσιων και δυναμεων
- 1 ¶ Se poutèt sa, menm jan Kris la te soufri nan kò li, nou menm tou se pou nou pare pou n' soufri menm jan an tou. Paske, lè youn moun soufri nan kò li, li pa gen anyen pou l' wè ak peche ankò.
So that as Jesus was put to death in the flesh, do you yourselves be of the same mind; for the death of the flesh puts an end to sin;
χριστου ουν παθοντος υπερ ημων σαρκι και υμεις την αυτην εννοιαν οπλισασθε οτι ο παθων εν σαρκι πεπαυται αμαρτιας
- 2 Se pou li viv ti rèz tan li gen pou l' viv sou tè a dapre egzijans volonte Bondye, pa dapre egzijans lachè.
So that you may give the rest of your lives in the flesh, not to the desires of men, but to the purpose of God.
εις το μηκετι ανθρωπων επιθυμιας αλλα θεληματι θεου τον επιλοιπον εν σαρκι βιωσαι χρονον
- 3 Paske, nan tan lontan, nou te gen kont tan nou pou n' te fè tou sa moun ki pa konnen Bondye yo ap fè. Lè sa a, nou t'ap viv nan libètinaj, nan lanvi, nan bwè tafya, nan debòch, nan banbòch, nan sèvi zidòl, bagay lalwa defann nou fè.
Because for long enough, in times past, we have been living after the way of the Gentiles, given up to the desires of the flesh, to drinking and feasting and loose behaviour and unclean worship of images;
αρκετος γαρ ημιν ο παρεληλυθως χρονος του βιου το θελημα των εθνων κατεργασασθαι πεπορευμενους εν ασελγειαις επιθυμιας οινοφυλγαις κωμοις ποτοις και αθεμιτοις ειδωλολατρειαις
- 4 ¶ Koulye a, moun sa yo twouve sa dwòl dèske nou pa fè bann ak yo ankò nan tout eksè sa yo. Se poutèt sa, y'ap pale nou mal.
And they are wondering that you no longer go with them in this violent wasting of life, and are saying evil things of you:
εν ω ξενιζονται μη συντρεχοντων ημων εις την αυτην της ασωτιας αναχυσιν βλασφημουντες
- 5 Men, yo gen pou yo rann kont bay Bondye ki deja pare pou jijè ni moun ki vivan yo ni moun ki mouri yo.
But they will have to give an account of themselves to him who is ready to be the judge of the living and the dead.
οι αποδωσουσιν λογον τω ετοιμως εχοντι κριναι ζωντας και νεκρους
- 6 Se pou sa menm yo te anonse bon nouvèl la bay moun ki mouri yo. Konsa, si lè yo te sou latè yo te tonbe anba jijman Bondye tankou tout moun, koulye a yo ka viv nan pounwa Lespri Bondye a, jan Bondye vle l' la.
For this was the reason why the good news of Jesus was given even to the dead, so that they might be judged as men in the flesh, but might be living before God in the spirit.
εις τουτο γαρ και νεκροις ευηγγελισθη ινα κριθωσιν μεν κατα ανθρωπους σαρκι ζωσιν δε κατα θεον πνευματι
- 7 ¶ Tout bagay prèt pou fini. Se pou nou kenbe tèt nou anplas, veye kò nou pou n' ka lapriyè.
But the end of all things is near: so be serious in your behaviour and keep on the watch with prayer;
παντων δε το τελος ηγγικεν σωφρονησατε ουν και νηψατε εις τας προσευχας
- 8 Anvan tout bagay, se pou nou yonn renmen lòt anpil. Paske, lè nou renmen, sa fè Bondye padonnen anpil peche.
And most of all be warm in your love for one another; because in love there is forgiveness for sins without number:
προ παντων δε την εις εαυτους αγαπην εκτενη εχοντες οτι αγαπη καλυπει πληθος αμαρτιων

- 9 Se pou nou yonn resevwa lòt lakay nou san plenyen.
Keep open house for all with a glad heart;
 φιλοξενοι εις αλληλους ανευ γογγυσμων
- 10 Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay.
Making distribution among one another of whatever has been given to you, like true servants of the unmeasured grace of God;
 εκαστος καθως ελαβεν χαρισμα εις εαυτους αυτο διακονουντες ως καλοι οικονομοι ποικιλης χαριτος θεου
- 11 Si yon moun ap pale, se pou li pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li fè li ak fòs Bondye ba li. Konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn.
If anyone has anything to say, let it be as the words of God; if anyone has the desire to be the servant of others, let him do it in the strength which is given by God; so that in all things God may have the glory through Jesus Christ, whose are the glory and the power for ever.
 ει τις λαλει ως λογια θεου ει τις διακονει ως εξ ισχυος ης χορηγει ο θεος ινα εν πασιν δοξαζηται ο θεος δια ιησου χριστου ω εστιν η δοξα και το κρατος εις τους αιωνας των αιωνων αμην
- 12 ¶ Frè m' yo, nou pa bezwen sezi devan gwo eprè sa yo k'ap tonbe sou nou tankou yon gwo dife. Nou pa bezwen konprann sa se yon bagay estwòdenè k'ap rive nou la a.
Dear brothers, do not be surprised, as if it was something strange, if your faith is tested as by fire:
 αγαπητοι μη ξενιζεσθε τη εν υμιν πυρωσει προς πειρασμον υμιν γινομενη ως ξενου υμιν συμβαιντος
- 13 Okontrè, fè kè n' kontan. Paske, menm jan nou patisipe nan soufrans Kris yo, konsa tou n'a kontan nèt ale lè gwo pouvwa Kris la va parèt.
But be glad that you are given a part in the pains of Christ; so that at the revelation of his glory you may have great joy.
 αλλα καθο κοινωνειτε τοις του χριστου παθημασιν χαιρετε ινα και εν τη αποκαλυψει της δοξης αυτου χαρητε αγαλλιωμενοι
- 14 Si yo joure nou paske n'ap swiv Kris la, konsidere sa tankou yon benediksyon. Paske, Lespri ki gen gwo pouvwa a, Lespri Bondye a nan nou.
If men say evil things of you because of the name of Christ, happy are you; for the Spirit of glory and of God is resting on you.
 ει ονειδιζεσθε εν ονοματι χριστου μακαριοι οτι το της δοξης και το του θεου πνευμα εφ υμας αναπαυεται κατα μεν αυτους βλασφημειται κατα δε υμας δοξαζεται
- 15 Mwen swete pou pesonn nan nou pa gen pou li soufri paske li te touye moun, osinon paske li te fè sa ki mal, osinon paske li te foute bouch li nan zafè ki pa gade li.
Let no one among you undergo punishment as a taker of life, or as a thief, or as an evil-doer, or as one who is over-interested in other men's business;
 μη γαρ τις υμων πασχετω ως φονευς η κλεπτης η κακοποιος η ως αλλοτριοεπισκοπος
- 16 Men, si yon moun ap soufri paske se kreyen li ye, li pa bezwen wont pou sa. Okontrè, se pou li fè lwanj Bondye dèske li pote non Kris la.
But if he undergoes punishment as a Christian, that is no shame to him; let him give glory to God in this name.
 ει δε ως χριστιανος μη αισχυνεσθω δοξαζετω δε τον θεον εν τω μερει τουτω
- 17 Paske, dat la rive pou jijman Bondye a konmansè. L'ap konmansè ak moun ki nan kay Bondye a anvan. Si li konmansè ak nou, nou pa bezwen mande sak pral rive moun sa yo ki pa koute bon nouvèl Bondye a.
For the time has come for the judging, starting with the church of God; but if it makes a start with us, what will be the end of those who are not under the rule of God?
 οτι ο καιρος του αρξασθαι το κριμα απο του οικου του θεου ει δε πρωτον αφ ημων τι το τελος των απειθουντων τω του θεου ευαγγελιω
- 18 Tankou sa ekri nan Liv la: Si moun k'ap viv dwat devan Bondye yo pa fasil pou sove, nou pa bezwen mande sa k'ap rive moun ki pa kwè nan Bondye yo, moun k'ap viv nan peche yo.
And if it is hard for even the good man to get salvation, what chance has the man without religion or the sinner?
 και ει ο δικαιος μολις σωζεται ο ασεβης και αμαρτωλος που φανειται
- 19 Se poutèt sa, moun k'ap soufri paske se sa Bondye vle pou yo a, se pou yo pa sispann fè sa ki byen, se pou yo renmèt nanm yo nan men Bondye ki kreye yo, epi ki p'ap lage yo.
For this reason let those who by the purpose of God undergo punishment, keep on in well-doing and put their souls into the safe hands of their Maker.
 ωστε και οι πασχοντες κατα το θελημα του θεου ως πιστω κτιστη παρατιθεσθωσαν τας ψυχας εαυτων εν αγαθοποιια
- 1 ¶ Mwen menm ki yon chèf reskonsab, m'ap pale koulye a ak chèf reskonsab ki nan mitan nou yo. Mwen menm ki te wè jan Kris la te soufri a, mwen pral patisipe tou nan bèl pouvwa Bondye ki gen pou parèt la.
I who am myself one of the rulers of the church, and a witness of the death of Christ, having my part in the coming glory, send this serious request to the chief men among you:
 πρεσβυτερους τους εν υμιν παρακαλω ο συμπρεσβυτερος και μαρτυς των του χριστου παθηματων ο και της μελλουσης αποκαλυπτεσθαι δοξης κοινωνος
- 2 Men sa m'ap di nou: Tankou gadò, se pou nou swen bann mouton Bondye ki sou kont nou an. Pa fè sa tankou si se fòse y'ap fòse nou. Men, fè li paske nou vle fè sa Bondye vle. Pa fè travay la tankou si se dèyè lajan nou ye. Men, fè li ak tout kè nou.
Keep watch over the flock of God which is in your care, using your authority, not as forced to do so, but gladly; and not for unclean profit but with a ready mind;
 ποιμανατε το εν υμιν ποιμνιον του θεου επισκοπουντες μη αναγκαστως αλλ εκουσιως μηδε αισχροκερδως αλλα προθυμως

- 3 Pa fè menm jan ak chèf k'ap maltrete moun ki sou kont yo. Okontrè, se pou nou tounen yon egzanz pou mouton yo.
Not as lords over God's heritage, but making yourselves examples to the flock.
 μηδ ως κατακυριευοντες των κληρων αλλα τυποι γινομενοι του ποιμιου
- 4 Konsa, lè gran gadò a va parèt, n'a resewva yon kouwòn ki p'ap janm fennen: n'a resewva lwanj Bondye.
And at the coming of the chief Keeper of the sheep, you will be given the eternal crown of glory.
 και φανερωθεντος του αρχιποιμενος κομεισθε τον αμαραντινον της δοξης στεφανον
- 5 ¶ Menm jan an tou, nou menm jennjan yo, se pou nou soumèt devan chèf reskonsab yo. Nan tout rapò nou yonn ak lòt, se pou nou soumèt devan Bondye. Paske Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy. Men, moun ki soumèt devan l', li ba yo favè li.
And in the same way, let the younger men be ruled by the older ones. Let all of you put away pride and make yourselves ready to be servants: for God is a hater of pride, but he gives grace to those who make themselves low.
 ομοιος νεωτεροι υποταγητε πρεσβυτεροις παντες δε αλληλοις υποτασσομενοι την ταπεινοφροσυνην εγκομβωσασθε οτι ο θεος υπερηφανοις αντιτασσειται ταπεινοις δε διδωσιν χαριν
- 6 Se poutèt sa, soumèt nou devan Bondye ki gen pouvwa, konsa la leve nou lè pou l' leve nou an.
For this cause make yourselves low under the strong hand of God, so that when the time comes you may be lifted up;
 ταπεινωθητε ουν υπο την κραταιαν χειρα του θεου ινα υμας υψωση εν καιρω
- 7 Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou.
Putting all your troubles on him, for he takes care of you.
 πασαν την μεριμναν υμων επιρριψαντες επ αυτον οτι αυτω μελει περι υμων
- 8 ¶ Kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore.
Be serious and keep watch; the Evil One, who is against you, goes about like a lion with open mouth in search of food;
 νηψατε γρηγορησατε οτι ο αντιδικος υμων διαβολος ως λεων ωρυομενος περιπατει ζητων τινα καταπιη
- 9 Kanpe fèm nan konfyans nou, kenbe tèt avè l', paske nou konnen lòt frè nou yo ki nan lemnon ap soufri menm soufrans ak nou.
Do not give way to him but be strong in your faith, in the knowledge that your brothers who are in the world undergo the same troubles.
 ω αντιστιητε στερεοι τη πιστει ειδοτες τα αυτα των παθηματων τη εν κοσμο υμων αδελφοτητι επιτελεισθαι
- 10 ¶ Men, apre n'a fin soufri yon ti tan, Bondye li menm va rann nou bon nèt, la kenbe nou fèm, la ban nou fòs, l'ap fè nou kanpe san brannen. Paske Bondye bay tout kalite favè. Se li menm ki te rele nou, gremesi Kris la, pou n' te patisipe nan pouvwa li ki p'ap janm fini.
And after you have undergone pain for a little time, the God of all grace who has given you a part in his eternal glory through Christ Jesus, will himself give you strength and support, and make you complete in every good thing;
 ο δε θεος πασης χαριτος ο καλεσας ημας εις την αιωνιον αυτου δοξαν εν χριστω ιησου ολιγον παθοντας αυτος καταρτισαι υμας στηριξει σθενωσαι θεμελιωσαι
- 11 Se pou li tout pouvwa a, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn.
His is the power for ever. So be it.
 αυτω η δοξα και το κρατος εις τους αιωνας των αιωνων αμην
- 12 Se avèk konkou frè Silven, yon nonm serye dapre sa mwen konnen, m'ap ekri nou lèt sa a, pou m' ka ankouraje nou, pou m' fè nou konnen jan favè Bondye pou nou an se yon bagay ki vre. Kenbe fèm nan li.
I have sent you this short letter by Silvanus, a true brother, in my opinion; comforting you and witnessing that this is the true grace of God; keep to it.
 δια σιλουανου υμιν του πιστου αδελφου ως λογιζομαι δι ολιγων εγραψα παρακαλων και επιμαρτυρων ταυτην ειναι αληθη χαριν του θεου εις ην εστηκατε
- 13 Legliz Bondye chwazi nan lavil Babilòn lan voye bonjou pou nou, ansanm ak Mak, pitit mwen an.
She who is in Babylon, who has a part with you in the purpose of God, sends you her love; and so does my son Mark.
 ασπαζεται υμας η εν βαβυλωνι συνεκλεκτη και μαρκος ο υιος μου
- 14 Bò pa nou, yonn di lòt bonjou pou mwen, yonn bo lòt tankou frè ak frè. Mwen mande pou nou tout k'ap viv ansanm nan Kris la, pou nou gen kè poze.
Give one another the kiss of love. Peace be to you all in Christ.
 ασπασασθε αλληλους εν φιληματι αγαπης ειρηνη υμιν πασιν τοις εν χριστω ιησου αμην
- 1 ¶ ¶ Mwen menm, Simon Pyè, sèvitè ak apòt Jezikri, m'ap ekri lèt sa a pou nou menm ki resewva yon konfyans ki gen menm valè ak pa m' lan, gremesi Jezikri, Bondye nou ak Sovè nou ki fè nou gras.
Simon Peter, a servant and Apostle of Jesus Christ, to those who with us have a part in the same holy faith in the righteousness of our God and Saviour Jesus Christ:
 συμεων πετρος δουλος και αποστολος ιησου χριστου τοις ισοτιμον ημιν λαχουσιν πιστιν εν δικαιοσυνη του θεου ημων και σωτηρος ιησου χριστου

- 2 M'ap mande Bondye pou nou resevwa anpil benediksyon ak kè poze, gremesi konesans Bondye ak Jezikri, Seyè nou an, nou genyen.
May grace and peace ever be increasing in you, in the knowledge of God and of Jesus our Lord;
χαρις υμιν και ειρηνη πληθυνθει εν επιγνωσει του θεου και ιησου του κυριου ημων
- 3 Pouvw Bondye a ban nou tou sa nou bezwen pou nou ka viv, pou nou ka sèvi li. Li fè nou konnen moun ki te rele nou an, lè li te fè nou wè pouvw li ak bèl bagay li yo.
Because by his power he has given us everything necessary for life and righteousness, through the knowledge of him who has been our guide by his glory and virtue;
ως παντα ημιν της θειας δυναμεως αυτου τα προς ζωην και ευσεβειαν δεδωρημενης δια της επιγνωσεως του καλεσαντος ημας δια δοξης και αρετης
- 4 Se konsa, Bondye ban nou pwomès li yo ki gwo anpil, ki gen anpil valè, pou nou kapab patisipe nan sa Bondye ye a, pou nou kapab chape anba koripsyon ki nan lemonn, akòz move lanvi ki nan kè moun.
And through this he has given us the hope of great rewards highly to be valued; so that by them we might have our part in God's being, and be made free from the destruction which is in the world through the desires of the flesh.
δι ων τα μεγαιστα ημιν και τιμια επαγγελματα δεδωρηται ινα δια τούτων γενησθε θειας κοινωνοι φυσεως αποφυγοντες της εν κοσμω εν επιθυμια φθορας
- 5 ¶ Se poutèt sa, nou dwe fè tou sa nou kapab pou nou pa rete ak konfyans nou gen nan Bondye a sèlman. Men, apa konfyans lan se pou nou gen bon kondit. Apa bon kondit la, se pou nou gen konesans.
So, for this very cause, take every care; joining virtue to faith, and knowledge to virtue,
και αυτο τουτο δε σπουδην πασαν παρεισενεγκαντες επιχορηγησατε εν τη πιστει υμων την αρετην εν δε τη αρετη την γνωσιν
- 21 Konsa, zanmi m' yo, si konsyans nou pa kondannen nou, nou gen yon gwo lasirans devan Bondye.
My loved ones, if our heart does not say that we have done wrong, we have no fear before him;
 αγαπητοι εαν η καρδια ημων μη καταγινωσκη ημων παρρησιαν εχομεν προς τον θεον
- 22 Tou sa n'a mande l', la ban nou l', paske nou menm nou fè tou sa li mande nou, nou fè sa ki fè l' plezi.
And he gives us all our requests, because we keep his laws and do the things which are pleasing in his eyes.
 και ο εαν αιτωμεν λαμβανομεν παρ αυτου οτι τας εντολας αυτου τηρουμεν και τα αρεστα ενωπιον αυτου ποιουμεν
- 23 ¶ Men sa l' mande nou: Se pou nou gen konfyans nan Pitit li, Jezikri. Se pou nou yonn renmen lòt, jan Kris la te ban nou lòd la.
And this is his law, that we have faith in the name of his Son Jesus Christ, and love for one another, even as he said to us.
 και αυτη εστιν η εντολη αυτου ινα πιστεωσωμεν τω ονοματι του υιου αυτου ιησου χριστου και αγαπωμεν αλληλους καθως εδωκεν εντολην ημιν
- 24 Moun ki kenbe kòmandman Bondye yo, y'ap fè yonn ak Bondye, Bondye ap fè yonn ak yo tou. Men ki jan nou konnen Bondye fè yonn ak nou: nou konnen sa paske li ban nou Sentespri li.
He who keeps his laws is in God and God is in him. And the Spirit which he gave us is our witness that he is in us.
 και ο τηρων τας εντολας αυτου εν αυτω μενει και αυτος εν αυτω και εν τωτω γινωσκομεν οτι μενει εν ημιν εκ του πνευματος ου ημιν εδωκεν
- 1 ¶ Mezanmi, nou pa bezwen kwè tout moun k'ap di yo gen Lespri Bondye a. Men, se pou n' sonde yo pou nou wè si lespri yo genyen an soti nan Bondye vre. Paske, gen yon bann fo pwofèt ki gaye toupatou sou latè a.
My loved ones, do not put your faith in every spirit, but put them to the test, to see if they are from God: because a great number of false prophets have gone out into the world.
 αγαπητοι μη παντι πνευματι πιστευετε αλλα δοκιμαζετε τα πνευματα ει εκ του θεου εστιν οτι πολλοι ψευδοπροφηται εξεληλυθασι εις τον κοσμον
- 2 Men ki jan nou ka konnen si yon lespri soti nan Bondye: tout moun ki di Jezikri te yon moun tout bon, se moun ki gen lespri ki soti nan Bondye a.
By this you may have knowledge of the Spirit of God: every spirit which says that Jesus Christ has come in the flesh is of God:
 εν τωτω γινωσκετε το πνευμα του θεου παν πνευμα ο ομολογει ιησουν χριστον εν σαρκι εληλυθота εκ του θεου εστιν
- 3 Men, si yon moun refize rekonèt Jezi te yon moun tout bon, moun sa a pa gen lespri ki soti nan Bondye a. Lespri li genyen an soti nan moun k'ap goumen ak Kris la. Yo te di nou moun k'ap goumen ak Kris la te gen pou l' te vini. Enben, koulye a li deja nan lemond.
And every spirit which does not say this is not from God: this is the spirit of Antichrist, of which you have had word; and it is in the world even now.
 και παν πνευμα ο μη ομολογει τον ιησουν χριστον εν σαρκι εληλυθота εκ του θεου ουκ εστιν και τωτο εστιν το του αντιχριστου ο ακηκοατε οτι ερχεται και νυν εν τω κοσμο εστιν ηδη
- 4 ¶ Men, nou menm, pitit mwen yo, nou se moun Bondye, nou kraze fo pwofèt yo, paske lespri ki nan nou an gen plis pouwva pase lespri ki nan moun ki pou lemond yo.
You are of God, my little children, and you have overcome them because he who is in you is greater than he who is in the world.
 υμεις εκ του θεου εστε τεκνια και νενικηκατε αυτους οτι μειζων εστιν ο εν υμιν η ο εν τω κοσμο
- 5 Lè y'ap pale yo pale tankou moun ki nan lemond. Moun ki nan lemond ap koute yo paske yo menm tou yo se moun lemond.
They are of the world, so their talk is the world's talk, and the world gives ear to them.
 αυτοι εκ του κοσμου εισιν δια τωτο εκ του κοσμου λαλουσιν και ο κοσμος αυτων ακουει
- 6 Men, nou menm, nou se moun Bondye. Tout moun ki konnen Bondye, yo koute lè n'ap pale ak yo. Moun ki pa moun Bondye p'ap koute nou. Se konsa nou ka konnen diferans ki genyen ant lespri k'ap pale verite a ak lespri k'ap bay manti a.
We are of God: he who has the knowledge of God gives ear to us; he who is not of God does not give ear to us. By this we may see which is the true spirit, and which is the spirit of error.
 ημεις εκ του θεου εσμεν ο γινωσκων τον θεον ακουει ημων ος ουκ εστιν εκ του θεου ουκ ακουει ημων εκ τωτου γινωσκομεν το πνευμα της αληθειας και το πνευμα της πλανης

- 7 ¶ Mezanmi, se pou nou yonn renmen lòt paske renmen soti nan Bondye. Moun ki gen renmen nan kè yo, se pitit Bondye yo ye. Yo konnen ki moun Bondye ye.
My loved ones, let us have love for one another: because love is of God, and everyone who has love is a child of God and has knowledge of God.
αγαπητοι αγαπωμεν αλληλους οτι η αγαπη εκ του θεου εστιν και πας ο αγαπων εκ του θεου γεγεννηται και γινωσκει τον θεον
- 8 Moun ki pa gen renmen nan kè yo, yo pa konn Bondye, paske Bondye se renmen menm.
He who has no love has no knowledge of God, because God is love.
ο μη αγαπων ουκ εγνω τον θεον οτι ο θεος αγαπη εστιν
- 9 Men ki jan Bondye fè nou wè jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l' te ka ban nou lavi.
And the love of God was made clear to us when he sent his only Son into the world so that we might have life through him.
εν τούτω εφανερωθη η αγαπη του θεου εν ημιν οτι τον υιον αυτου τον μονογενη απεσταλκεν ο θεος εις τον κοσμον ινα ζησωμεν δι αυτου
- 10 Men kisa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la.
And this is love, not that we had love for God, but that he had love for us, and sent his Son to be an offering for our sins.
εν τούτω εστιν η αγαπη ουχ οτι ημεις ηγαπησαμεν τον θεον αλλ οτι αυτος ηγαπησεν ημας και απεστειλεν τον υιον αυτου ιλασμον περι των αμαρτιων ημων
- 11 Mezanmi, si Bondye renmen nou konsa, nou menm tou se pou nou yonn renmen lòt.
My loved ones, if God had such love for us, it is right for us to have love for one another.
αγαπητοι ει ουτως ο θεος ηγαπησεν ημας και ημεις οφειλομεν αλληλους αγαπαν
- 12 Pesonn pa janm wè Bondye. Men, si nou yonn renmen lòt, Bondye fè yonn ak nou. Konsa n'a renmen tout bon, jan Bondye renmen an.
No man has ever seen God: if we have love for one another, God is in us and his love is made complete in us:
θεον ουδεις πωποτε τεθεαται εαν αγαπωμεν αλληλους ο θεος εν ημιν μνει και η αγαπη αυτου τετελειωμενη εστιν εν ημιν
- 13 Nou konnen nou fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak nou, paske li ban nou Sentespri li.
And his Spirit which he has given us is the witness that we are in him and he is in us.
εν τούτω γινωσκομεν οτι εν αυτω μενομεν και αυτος εν ημιν οτι εκ του πνευματος αυτου δεδωκεν ημιν
- 14 ¶ Nou menm, n'ap di sa nou te wè. Papa a voye Pitit li a pou delivre tout moun.
And we have seen and give witness that the Father sent the Son to be the Saviour of the world.
και ημεις τεθεαμεθα και μαρτυρομεν οτι ο πατηρ απεσταλκεν τον υιον σωτηρα του κοσμου
- 15 Moun ki rekonèt Jezi pou Pitit Bondye a, Bondye fè yonn ak yo, yo fè yonn ak Bondye.
Everyone who says openly that Jesus is the Son of God, has God in him and is in God.
ος αν ομολογηση οτι ιησους εστιν ο υιος του θεου ο θεος εν αυτω μνει και αυτος εν τω θεω
- 16 Nou menm nou konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se vre. Bondye se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo.
And we have seen and had faith in the love which God has for us. God is love, and everyone who has love is in God, and God is in him.
και ημεις εγνωκαμεν και πιστευκαμεν την αγαπην ην εχει ο θεος εν ημιν ο θεος αγαπη εστιν και ο μενων εν τη αγαπη εν τω θεω μνει και ο θεος εν αυτω
- 17 ¶ Nou konnen nou renmen Bondye tout bon lè kè nou pa kase pou jou jijman an, paske n'ap viv nan lemond tankou Kris la t'ap viv.
In this way love is made complete in us, so that we may be without fear on the day of judging, because as he is, so are we in this world.
εν τούτω τετελειωται η αγαπη μεθ ημων ινα παρρησιαν εχωμεν εν τη ημερα της κρισεως οτι καθως εκεινος εστιν και ημεις εσμεν εν τω κοσμω τούτω
- 18 Kote ki gen renmen, pa gen kè kase. Okontrè, lè nou renmen tout bon, si kè nou te kase, li pa kase ankò. Konsa, yon moun ki pè toujou, li poko fin renmen nèl. Paske si ou pè, se paske ou pè chatiman.
There is no fear in love: true love has no room for fear, because where fear is, there is pain; and he who is not free from fear is not complete in love.
φοβος ουκ εστιν εν τη αγαπη αλλ η τελεια αγαπη εξω βαλλει τον φοβον οτι ο φοβος κολασιν εχει ο δε φοβουμενος ου τετελειωται εν τη αγαπη
- 19 Pou nou menm, nou gen renmen nan kè nou, paske Bondye te renmen nou anvan.
We have the power of loving, because he first had love for us.
ημεις αγαπωμεν αυτον οτι αυτος πρωτος ηγαπησεν ημας

- 20 Si yon moun di: mwen renmen Bondye, pou anmenmtan pou l' rayi frè l', moun sa a ap bay manti. Paske, si li pa renmen frè l', yon moun li ka wè, li pa ka renmen Bondye li pa ka wè a.
If a man says, I have love for God, and has hate for his brother, his words are false: for how is the man who has no love for his brother whom he has seen, able to have love for God whom he has not seen?
εαν τις ειπη οτι αγαπω τον θεον και τον αδελφον αυτου μιση ψευστης εστιν ο γαρ μη αγαπων τον αδελφον αυτου ον εωρακεν τον θεον ον ουχ εωρακεν πως δυναται αγαπαν
- 21 Se sak fè, men kòmandman Kris la ban nou: Moun ki renmen Bondye, yo fèt pou renmen frè yo tou.
And this is the word which we have from him, that he who has love for God is to have the same love for his brother.
και ταυτην την εντολην εχομεν απ αυτου ινα ο αγαπων τον θεον αγαπα και τον αδελφον αυτου
- 1 ¶ Tout moun ki rekonèt Jezi se Kris la, se pitit Bondye yo ye. Si ou renmen yon papa, se pou ou renmen pitit li tou.
Everyone who has faith that Jesus is the Christ is a child of God: and everyone who has love for the Father has love for his child.
πας ο πιστευων οτι ιησους εστιν ο χριστος εκ του θεου γεγεννηται και πας ο αγαπων τον γεννησαντα αγαπα και τον γεγεννημενον εξ αυτου
- 2 Nou konnen nou renmen pitit Bondye yo lè nou renmen Bondye, lè nou fè tou sa li mande nou fè.
In this way, we are certain that we have love for the children of God, when we have love for God and keep his laws.
εν τωτω γινωσκουμεν οτι αγαπωμεν τα τεκνα του θεου οταν τον θεον αγαπωμεν και τας εντολας αυτου τηρωμεν
- 3 Nou renmen Bondye, lè nou fè tou sa li mande nou fè. Sa Bondye mande nou fè yo pa twò difisil pase sa.
For loving God is keeping his laws: and his laws are not hard.
αυτη γαρ εστιν η αγαπη του θεου ινα τας εντολας αυτου τηρωμεν και αι εντολαι αυτου βαρειαι ουκ εισιν
- 4 Paske, depi se pitit Bondye ou ye, ou kapab genyen batay la sou lemonn. Men ki jan nou fè gengen batay la sou lemonn, se paske nou gen konfyans nan Bondye.
Anything which comes from God is able to overcome the world: and the power by which we have overcome the world is our faith.
οτι παν το γεγεννημενον εκ του θεου νικα τον κοσμον και αυτη εστιν η νικη η νικησασα τον κοσμον η πιστις ημων
- 5 Ki moun ki ka genyen batay la sou lemonn? Se sèlman moun ki kwè Jezi se pitit Bondye a.
Who is able to overcome the world but the man who has faith that Jesus is the Son of God?
τις εστιν ο νικων τον κοσμον ει μη ο πιστευων οτι ιησους εστιν ο υιος του θεου
- 6 ¶ Jezikri se moun ki te vini an: li te vini ak dlo batèm lan ansanm ak san lanmò li a. Li pa t' vini ak dlo a sèlman, men li te vini avèk dlo ansanm ak san. Lespri Bondye a di se vre sa, paske Lespri Bondye a se verite a menm.
This is he who came by water and by blood, Jesus Christ; not by water only but by water and by blood.
ουτος εστιν ο ελθων δι υδατος και αιματος ιησους ο χριστος ουκ εν τω υδατι μονον αλλ εν τω υδατι και τω αιματι και το πνευμα εστιν το μαρτυρουν οτι το πνευμα εστιν η αληθεια
- 7 Gen yo twa k'ap di Jezi se moun ki te vini an.
And the Spirit is the witness, because the Spirit is true.
οτι τρεις εισιν οι μαρτυρουντες εν τω ουρανω ο πατηρ ο λογος και το αγιον πνευμα και ουτοι οι τρεις εν εισιν
- 8 Se Lespri Bondye a, se dlo a ansanm ak san an. Yo touletwa yo dakò.
There are three witnesses, the Spirit, the water, and the blood: and all three are in agreement.
και τρεις εισιν οι μαρτυρουντες εν τη γη το πνευμα και το υδωρ και το αιμα και οι τρεις εις το εν εισιν
- 9 Nou asepte pawòl moun pou verite. Men, pawòl Bondye a pi bon toujou. Epi, sa se temwayaj Bondye bay pou Pitit li a.
If we take the witness of men to be true, the witness of God is greater: because this is the witness which God has given about his Son.
ει την μαρτυριαν των ανθρωπων λαμβανομεν η μαρτυρια του θεου μειζων εστιν οτι αυτη εστιν η μαρτυρια του θεου ην μεμαρτυρηκεν περι του υιου αυτου
- 10 ¶ Konsa, moun ki gen konfyans nan Pitit Bondye a, se moun ki pran pawòl Bondye a pou verite epi ki kenbe l' nan kè yo. Men, moun ki pa gen konfyans nan Bondye, yo fè Bondye pase pou mantò, paske yo pa t' kwè pawòl Bondye te di sou Pitit li a se verite.
He who has faith in the Son of God has the witness in himself: he who has not faith in God makes him false, because he has not faith in the witness which God has given about his Son.
ο πιστευων εις τον υιον του θεου εχει την μαρτυριαν εν εαυτω ο μη πιστευων τω θεω ψευστην πεποιηκεν αυτον οτι ου πεπιστευκεν εις την μαρτυριαν ην μεμαρτυρηκεν ο θεος περι του υιου αυτου
- 11 Men pawòl verite a: Bondye ban nou lavi ki p'ap janm fini an. Se nan Pitit li a li ban nou li.
And his witness is this, that God has given us eternal life, and this life is in his Son.
και αυτη εστιν η μαρτυρια οτι ζωην αιωνιον εδωκεν ημιν ο θεος και αυτη η ζωη εν τω υιω αυτου εστιν

- 12 Moun ki gen Pitit la, yo gen lavi sa a tou. Men, moun ki pa gen Pitit Bondye a, yo pa gen lavi sa a non plis.
He who has the Son has the life; he who has not the Son of God has not the life.
 ο εχων τον υιον εχει την ζωην ο μη εχων τον υιον του θεου την ζωην ουκ εχει
- 13 M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an.
I have put these things in writing for you who have faith in the name of the Son of God, so that you may be certain that you have eternal life.
 ταυτα εγραψα υμιν τοις πιστευουσιν εις το ονομα του υιου του θεου ινα ειδητε οτι ζωην εχετε αιωνιον και ινα πιστευητε εις το ονομα του υιου του θεου
- 14 ¶ Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' kichòy ki dakò ak volonte li.
And we are certain that if we make any request to him which is right in his eyes, he will give ear to us:
 και αυτη εστιν η παρρησια ην εχομεν προς αυτον οτι εαν τι αιτωμεθα κατα το θελημα αυτου ακουει ημων
- 15 Konsa, non sèlman nou konnen l'ap koute nou lè nou fè l' yon demann, men nou konnen tou l'ap ban nou sa nou mande l' la.
And if we are certain that he gives ear to all our requests, we are equally certain that we will get our requests.
 και εαν οιδαμεν οτι ακουει ημων ο αν αιτωμεθα οιδαμεν οτι εχομεν τα αιτηματα α ητηκαμεν παρ αυτου
- 16 Si yon moun wè yon frè l' fè yon peche ki p'ap fè l' mouri, se pou l' lapriyè Bondye pou Bondye bay frè a lavi. Prensip sa a bon pou moun ki fè peche ki p'ap fè yo mouri. Men, gen yon kalite peche ki mennen yon moun tou dwat nan lanmò. mwen pa di pou yo lapriyè pou moun ki fè kalite peche sa yo.
If a man sees his brother doing a sin which is not bad enough for death, let him make a prayer to God, and God will give life to him whose sin was not bad enough for death. There is a sin whose punishment is death: I do not say that he may make such a request then.
 εαν τις ιδη τον αδελφον αυτου αμαρτανοντα αμαρτιαν μη προς θανατον αιτησει και δωσει αυτω ζωην τοις αμαρτανουσιν μη προς θανατον εστιν αμαρτια προς θανατον ου περι εκεινης λεγω ινα ερωτηση
- 17 Tou sa ou fè ki mal, se yon peche. Men, se pa tout peche k'ap mennen ou nan lanmò.
All evil-doing is sin: but death is not the punishment for every sort of sin.
 πασα αδικια αμαρτια εστιν και εστιν αμαρτια ου προς θανατον
- 18 ¶ Nou konnen depi yon moun pitit Bondye, li p'ap kontinye ap viv nan peche toujou. Paske, Pitit Bondye a ap veye sou li, Satan pa ka fè l' anyen.
We are certain that one who is a child of God will do no sin, but the Son of God keeps him so that he is not touched by the Evil One.
 οιδαμεν οτι πας ο γεγεννημενος εκ του θεου ουχ αμαρτανει αλλ ο γεννηθεις εκ του θεου τηρει εαυτον και ο πονηρος ουχ απτεται αυτου
- 19 Nou konnen nou se moun Bondye. Men, tou sa ki sou latè anba pouvwa Satan.
We are certain that we are of God, but all the world is in the power of the Evil One.
 οιδαμεν οτι εκ του θεου εσμεν και ο κοσμος ολος εν τω πονηρω κειται
- 20 Nou konnen Pitit Bondye a te vini, li louvri lespri nou pou nou ka konnen Bondye tout bon an. N'ap viv ansanm ak Bondye tout bon an, gremesi Pitit li, Jezikri. Se li menm ki Bondye tout bon an, se li menm ki lavi ki p'ap janm fini an.
And we are certain that the Son of God has come, and has given us a clear vision, so that we may see him who is true, and we are in him who is true, in his Son Jesus Christ. He is the true God and eternal life.
 οιδαμεν δε οτι ο υιος του θεου ηκει και δεδωκεν ημιν διανοιαν ινα γινωσκωμεν τον αληθινον και εσμεν εν τω αληθινω εν τω υιω αυτου ιησου χριστω ουτος εστιν ο αληθινος θεος και η ζωη αιωνιος
- 21 Pitit mwen yo, veye kò nou ak zidò!
My little children, keep yourselves from false gods.
 τεκνια φυλαξατε εαυτους απο των ειδωλων αμην
- 1 ¶ Mwen menm, chèf reskonsab nan legliz la, m'ap ekri lèt sa a pou Kiriya Bondye te chwazi a, yon moun mwen renmen tout bon, ansanm ak pitit li yo. Se pa mwen sèlman, men se tout moun ki konn verite a ki renmen nou.
I, a ruler in the church, send word to the noble sister who is of God's selection, and to her children, for whom I have true love; and not only I, but all who have knowledge of what is true;
 ο πρεσβυτερος εκκλητη κυρια και τοις τεκνοις αυτης ους εγω αγαπω εν αληθεια και ουκ εγω μονος αλλα και παντες οι εγνωκοτες την αληθειαν
- 2 Paske verite a nan kè nou, l'ap avèk nou pou tout tan.
Because of this true knowledge which is in us, and will be with us for ever:
 δια την αληθειαν την μενουσαν εν ημιν και μεθ ημων εσται εις τον αιωνα

- 3 Mwen mande Bondye Papa a ansanm ak Jezikri, Pitit Papa a, pou yo gen pitye pou nou, pou yo ban nou benediksyon ak kè poze, pou nou ka resevwa tout bagay sa yo nan laverite ak nan renmen.
May grace, mercy, and peace be with us from God the Father, and from Jesus Christ, the Son of the Father, in all true love.
 εσται μεθ ημων χαρις ελεος ειρηνη παρα θεου πατρος και παρα κυριου ιησου χριστου του υιου του πατρος εν αληθεια και αγαπη
- 4 Mwen pa t' manke kontan lè m' wè te gen de twa nan pitit ou yo k'ap mache nan verite a, jan Papa a mande nou sa.
It gave me great joy to see some of your children walking in the true way, even as we were ordered to do by the Father.
 εχαρην λιαν οτι ευρηκα εκ των τεκνων σου περιπατοντας εν αληθεια καθως εντολην ελαβομεν παρα του πατρος
- 5 ¶ Koulye a, men sa m'ap mande ou, Kiriya: se pou nou yonn renmen lòt. Se pa yon lòt kòmandman tou nèf m'ap ekri la a ban nou. Se menm kòmandman nou te genyen depi nan konmansman an.
And now, my sister, I make a request to you, not sending you a new law, but the law which we had from the first, that we have love for one another.
 και νυν ερωτω σε κυρια ουχ ως εντολην γραφω σοι καινην αλλα ην ειχομεν απ αρχης ινα αγαπωμεν αλληλους
- 6 Si nou gen renmen nan kè nou, sa vle di n'ap viv dapre kòmandman Bondye yo. Men sa Bondye mande nou, se pou nou viv nan renmen. Se sa menm nou te aprann depi nan konmansman.
And love is the keeping of his laws. This is the law which was given to you from the first, so that you might keep it.
 και αυτη εστιν η αγαπη ινα περιπατωμεν κατα τας εντολας αυτου αυτη εστιν η εντολη καθως ηκουσατε απ αρχης ινα εν αυτη περιπατητε
- 7 ¶ Gen anpil moun koulye a toupatou sou latè k'ap chache twonpe moun: yo pa vle rekonèt Jezikri te vin sou latè tankou yon moun tout bon. Moun nou wè k'ap fè sa, se moun k'ap twonpe moun, se moun k'ap goumen ak Kris la.
Because a number of false teachers have gone out into the world, who do not give witness that Jesus Christ came in the flesh. Such a one is a false teacher and Antichrist.
 οτι πολλοι πλανοι εισηλθον εις τον κοσμον οι μη ομολογουντες ιησουν χριστον ερχομενον εν σαρκι ουτος εστιν ο πλανος και ο αντιχριστος
- 8 Veye kò nou byen pou nou pa pèdi benefis travay nou an, pou nou ka resevwa tout rekonpans nou.
Keep watch over yourselves, so that you do not make our work of no effect, but may get your full reward.
 βλεπετε εαυτους ινα μη απολεσωμεν α εργασαμεθα αλλα μισθον πληρη απολαβωμεν
- 9 Si yon moun pa kenbe sa Kris la te moutre nou an, si li al pi lwen, li pa gen Bondye. Moun ki kenbe sa Kris la te moutre a, se li menm ki gen Papa a ak Pitit la.
Anyone who goes on and does not keep to the teaching of Christ, has not God: he who keeps to the teaching has the Father and the Son.
 πας ο παραβαινων και μη μενων εν τη διδαχη του χριστου θεον ουκ εχει ο μενων εν τη διδαχη του χριστου ουτος και τον πατερα και τον υιον εχει
- 10 ¶ Si yon moun vin jwenn nou pou l' moutre nou yon lòt bagay, pa resevwa l' lakay nou. Ata bonjou pou nou refize di li.
If anyone comes to you not having this teaching, do not take him into your house or give him words of love:
 ει τις ερχεται προς μας και ταυτην την διδαχην ου φερει μη λαμβανετε αυτον εις οικιαν και χαιρειν αυτω μη λεγετε
- 11 Paske, depi ou di yon moun konsa bonjou, ou dekonplis ak li nan tout move bagay l'ap fè yo.
For he who gives him words of love has a part in his evil works.
 ο γαρ λεγων αυτω χαιρειν κοινωνει τοις εργοις αυτου τοις πονηροις
- 12 ¶ Mwen gen anpil bagay pou m' di nou. Men, mwen pito pa ekri yo sou papye ak lank. Mwen swete m'a ka vin lakay nou pou m' pale ak nou fasafas, pou nou tout nou ka kontan nèt.
Having much to say to you, it is not my purpose to put it all down with paper and ink: but I am hoping to come to you, and to have talk with you face to face, so that your joy may be full.
 πολλα εχων υμιν γραφειν ουκ ηβουληθην δια χαρτου και μελανος αλλα ελπίζω ελθειν προς υμας και στομα προς στομα λαλησαι ινα η χαρα ημων η πεπληρωμενη
- 13 Pitit sè ou yo, sè Bondye te chwazi ansanm avè ou la, yo voye bonjou pou ou.
The children of your noble sister, who is of God's selection, send you their love.
 ασπαζεται σε τα τεκνα της αδελφης σου της εκλεκτης αμην
- 1 ¶ Se mwen menm, chèf reskonsab nan legliz la, k'ap ekri lèt sa a pou Gayis, frè mwen renmen tout bon an.
I, a ruler in the church, send word to the well loved Gaius, for whom I have true love.
 ο πρεσβυτερος γαιω τω αγαπητω ον εγω αγαπω εν αληθεια
- 2 Gayis monchè, mwen swete tout bagay ap mache byen pou ou. Mwen swete ou an sante nan kò ou tankou ou an sante nan lespri ou.
My loved one, it is my prayer that you may do well in all things, and be healthy in body, even as your soul does well.
 αγαπητε περι παντων ευχομαι σε ευοδοσθαι και υγλαινειν καθως ευοδουται σου η ψυχη
- 3 ¶ Mwen pa t' manke kontan lè kèk frè rive bò isit la, yo di m' jan ou rete fèm nan verite a, jan ou toujou ap viv dakò ak verite a.
For it gave me great joy when some of the brothers came and gave witness that you had the true faith and were walking in the true way.
 εχαρην γαρ λιαν ερχομενων αδελφων και μαρτυρουντων σου τη αληθεια καθως συ εν αληθεια περιπαταις

- 4 Pa gen anyen ki pou fè m' pi kontan pase lè m' tande pitit mwen yo ap viv dakò ak verite a.
I have no greater joy than to have news that my children are walking in the true way.
 μειζοτεραν τούτων ουκ έχω χαραν ινα ακουω τα εμα τεκνα εν αληθεια περιπατουντα
- 5 Zanmi mwen, tou sa w'ap fè pou frè yo, menm pou frè etranje yo tou, ou fè l' byen.
My loved one, you are doing a good work in being kind to those brothers who come from other places;
 αγαπητε πιστον ποιεις ο εαν εργαση εις τους αδελφους και εις τους ξενους
- 6 Yo di devan tout legliz la jan ou gen renmen tout bon nan kè ou. Tanpri, toujou ede frè yo pou yo ka pousib vwayaj yo, jan Bondye vle l' la.
Who have given witness to the church of your love for them: and you will do well to send them on their way well cared for, as is right for servants of God:
 οι εμαρτυρησαν σου τη αγαπη ενωπιον εκκλησιας ους καλως ποιησεις προπεμψας αξιως του θεου
- 7 Paske, se pou sèvis Kris la y'ap fè vwayaj sa a. Yo pa asepte okenn konkou nan men moun ki pa konn Bondye.
For they went out for love of the Name, taking nothing from the Gentiles.
 υπερ γαρ του ονοματος εξηλθον μηδεν λαμβανοντες απο των εθνων
- 8 Se poutèt sa, moun konsa, nou menm patizan Kris yo, nou fèt pou soutni yo pou nou ka patisipe nan travay y'ap fè pou verite a.
So it is right for us to take in such men as guests, so that we may take our part in the work of the true faith.
 ημεις ουν οφειλομεν απολαμβανειν τους τοιουτους ινα συναργοι γινωμεθα τη αληθεια
- 9 ¶ Mwen te ekri yon lèt tou kout voye bay legliz la. Men, Diyotrèf ki renmen pran pòz chèf li nan mitan yo a, refize koute sa m' di a.
I sent a letter to the church, but Diotrefes, whose desire is ever to have the first place among them, will not have us there.
 εγραψα τη εκκλησια αλλ ο φιλοπρωτευων αυτων διοτρεφης ουκ επιδεχεται ημας
- 10 Se poutèt sa, lè m'a rive, m'ap devwale tou sa li fè ki mal, tout move pawòl ak manti l'ap bay sou mwen yo. Li pa kontante l' fè sa sèlman. Li refize resevwa frè yo ki depasaj. Si gen moun ki ta vle resevwa yo, li enpoze yo fè l', li menm chache mete yo deyò nan legliz la.
So if I come, I will keep in mind the things he does, talking against us with evil words: and as if this was not enough, he does not take the brothers into his house, and those who are ready to take them in, he keeps from doing so, putting them out of the church if they do.
 δια τουτο εαν ελθω υπομνησω αυτου τα εργα α ποιει λογοις πονηροις φλυαρων ημας και μη αρκουμενος επι τουτοις ουτε αυτος επιδεχεται τους αδελφους και τους βουλομενους κωλυει και εκ της εκκ λησιας εκβαλλει
- 11 Zanmi mwen, pa fè tankou moun k'ap fè sa ki mal. Fè tankou moun k'ap fè sa ki byen. Moun k'ap fè sa ki byen, se moun Bondye yo ye. Moun k'ap fè sa ki mal pa t' janm wè Bondye.
My loved one, do not be copying what is evil, but what is good. He who does good is of God: he who does evil has not seen God.
 αγαπητε μη μιμου το κακον αλλα το αγαθον ο αγαθοποιων εκ του θεου εστιν ο δε κακοποιων ουχ εωρακεν τον θεον
- 12 ¶ Tout frè yo pale byen pou Demetriyis. Menm laverite a pale byen pou msye. Nou menm tou, n'ap pale byen pou li, epitou ou konnen sa nou di se verite.
Demetrius has the approval of all men and of what is true: and we give the same witness, and you are certain that our witness is true.
 δημητριω μεμαρτυρηται υπο παντων και υπ αυτης της αληθειας και ημεις δε μαρτυρουμεν και οιδατε οτι η μαρτυρια ημων αληθης εστιν
- 13 Mwen gen anpil bagay pou m' ta di ou. Men, mwen pa vle ekri yo ak plim ak lank.
I had much to say to you, but it is not my purpose to put it all down with ink and pen:
 πολλα ειχον γραφειν αλλ ου θελω δια μελανος και καλαμου σοι γραψαι
- 14 (14-15) Mwen swete m'a ka vin wè ou talè konsa, pou nou ka koze fasafas. Mwen mande pou Bondye ba ou kè poze. Tout zanmi ou yo voye bonjou pou ou. Di chak zanmi m' yo yon bonjou apa pou mwen.
But I am hoping to see you in a short time, and to have talk with you face to face.
 ελπίζω δε ευθως ιδειν σε και στομα προς στομα λαλησομεν ειρηνη σοι ασπαζονται σε οι φιλοι ασπαζου τους φιλους κατ ονομα
- 1 ¶ Mwen menm Jid, sèvitè Jezikri, frè Jak la, m'ap ekri nou lèt sa a, nou tout Bondye rele, nou menm k'ap viv ansanm nan renmen Bondye Papa a ak anba proteksyon Jezikri.
Jude, a servant of Jesus Christ and the brother of James, to those of God's selection who have been made holy by God the Father and are kept safe for Jesus Christ:
 ιουδας ιησου χριστου δουλος αδελφος δε ιακωβου τοις εν θεω πατρι ηγιασμενοις και ιησου χριστω τετηρημενοις κλητοις
- 2 Mwen mande pou li gen pitye pou nou, pou li ban nou kè poze ak renmen an kantite.
May mercy and peace and love be increased in you.
 ελεος υμιν και ειρηνη και αγαπη πληθυνθειη

- 3 ¶ Zanmi m' yo, mwen pa t' manke anvè ekri nou pou m' te pale nou sou jan Bondye delivre nou tout ansanm lan. Men, m' blije ekri nou koulè a pou mwen kapab ankouraje nou, pou nou pran defans lafwa Bondye te bay yon sèl fwa pou tout tan an, pou tout moun pa l' yo.
My loved ones, while my thoughts were full of a letter which I was going to send you about our common salvation, it was necessary for me to send you one requesting you with all my heart to go on fighting strongly for the faith which has been given to the saints once and for ever.
αγαπητοι πασαν σπουδην ποιουμενος γραφειν υμιν περι της κοινης σωτηριας αναγκην εσχον γραφαι υμιν παρακαλων επαγωνιζεσθαι τη απαξ παραδοθειση τοις αγιοις πιστει
- 4 Paske, gen kèk mechan ki gen tan fofile kò yo nan mitan nou. Se moun ki san respè pou Bondye. Yo pran renmen Bondye renmen nou an sèvi yon kouvèti pou fè dezòd. Yo vire do bay Jezikri ki sèl Mèt ak sèl Segnè nou an. Depi lontan yo te ekri nan Liv la ki kalite kondannasyon k'ap tann moun sa yo.
For certain men have come among you secretly, marked out before in the holy Writings for this evil fate, men without the fear of God, turning his grace into an unclean thing, and false to our only Master and Lord, Jesus Christ.
παρεισεδυσαν γαρ τινες ανθρωποι οι παλαι προγεγραμμενοι εις τουτο το κριμα ασεβεις την του θεου ημων χαριν μετατιθεντες εις ασελγειαν και τον μονον δεσποτην θεον και κυριον ημων ιησουν χριστον αρνουμενοι
- 5 Atout nou deja konnen tout bagay sa yo byen pròp, mwen vle fè nou chonje ki jan, lè Bondye te fin delivre pèp Izrayèl la anba moun Lejip yo, li te detwi tout moun ki pa t' kwè yo.
Now it is my purpose to put you in mind, though you once had knowledge of all these things, of how the Lord, having taken a people safely out of Egypt, later sent destruction on those who had no faith;
υπομηνησαι δε υμας βουλομαι ειδοτας υμας απαξ τουτο οτι ο κυριος λαον εκ γης αιγυπτου σωσας το δευτερον τους μη πιστευσαντας απωλεσεν
- 6 Chonje tou ki jan zanj ki pa t' rete nan pozisyon Bondye te ba yo a men ki te kite kote l' te mete yo a, Bondye kenbe yo nan mitan fènwa a, mare nan yon chenn ki p'ap janm kase. Se la y'ap tann gwo jou jijman an.
And the angels who did not keep to their kingdom but went out from the place which was theirs, he has put in eternal chains and in dark night till the great day of the judging.
αγγελους τε τους μη τηρησαντας την εαυτων αρχην αλλα απολιποντας το ιδιον οικητηριον εις κρισιν μεγαλης ημερας δεσμοις αιδιοις υπο ζοφον τετηρηκεν
- 7 Menm jan an tou, chonje moun Sodòm ak Gomò ak tout ti bouk nan vwazinaj yo a. Yo te fè tankou zanj sa yo. Yo te lage kò yo nan tout kalite dezòd lachè, yo te menm rive nan fè gason ak gason, fi ak fi. Pou peni yo, yo lage yo nan dife k'ap boule tout tan an. Sa se yon egzanp ak yon avètisman pou tout moun.
Even as Sodom and Gomorrah, and the towns near them, having like these, given themselves up to unclean desires and gone after strange flesh, have been made an example, undergoing the punishment of eternal fire.
ως σοδομα και γομορρα και αι περι αυτας πολεις τον ομοιον τουτοις τροπον εκπορευεσασαι και απελθουσαι οπισω σαρκος ετερας προκεινται δειγμα πυρος αιωνιου δικην υπεχουσαι
- 8 ¶ Menm jan an tou, mesye sa yo, avèk tout vizyon y'ap plede fè yo, y'ap fè tout kalite vye bagay ak kò yo, y'ap meprize otorite Bondye, y'ap pale pouvwa ki nan syèl yo mal.
In the same way these dreamers make the flesh unclean, having no respect for authorities, and say evil of rulers.
ομοιως μεντοι και ουτοι ενυπνιαζομενοι σαρκα μεν μαινουσιν κυριοτητα δε αθετουσιν δοξας δε βλασφημουσιν
- 9 Menm Akanj Michèl, lè li t'ap plede ak dyab la pou kadav Moyiz, li pa t' penmèt li jije dyab la yon jan pou l' te manke l' dega. Men, li annik di li: Mèt la va regle avè ou.
Now when Michael, one of the chief angels, was fighting against the Evil One for the body of Moses, fearing to make use of violent words against him, he only said, May the Lord be your judge.
ο δε μιχαηλ ο αρχαγγελος οτε τω διαβολω διακρινομενος διελεγετο περι του μωσεως σωματος ουκ ετολημην κρισιν επενεγκειν βλασφημιας αλλ ειπεν επιτιμησαι σοι κυριος
- 10 Yo menm, okontrè, yo pale mal sou sa yo pa konprann. Bagay yo konnen se bagay ensten yo moutre yo tankou bèt ki san konprann. Se bagay sa yo menm k'ap pèdi yo.
But these men say evil about such things as they have no knowledge of; and the things of which they have natural knowledge, like beasts without reason, are the cause of their destruction.
ουτοι δε οσα μεν ουκ οιδασιν βλασφημουσιν οσα δε φυσικως ως τα αλογα ζωα επιστανται εν τουτοις φθειρονται
- 11 Malè pou yo! Y'ap fè menm rout ak Kayen. Pou yo ka fè kòb, yo lage kò yo nan menm move chemen Balam lan. y'a mouri tankou Kore ki te peri nan fè rebèl ak Bondye.
A curse on them! They have gone in the way of Cain, running uncontrolled into the error of Balaam for reward, and have come to destruction by saying evil against the Lord, like Korah.
ουαι αυτοις οτι τη οδω του καιν επορευθησαν και τη πλανη του βαλααμ μισθου εξεχυθησαν και τη αντιλογια του κορε απωλοντο
- 12 Moun sa yo, se gate yo vin gate manje n'ap fè pou frè yo. Yo san ront konsa. Yo vin manje, yo vin bwè kont kò yo san chonje moun; se pròp tèt yo ase yo konnen. Yo tankou nwaj van ap gaye nan syèl la san bay lapli. Yo tankou pyebwa ki pa janm donne, menm nan sezon rekòt. Wi, yo tankou pyebwa yo derasinen epi ki fin mouri nèt.
These men are unseen rocks at your love-feasts, when they take part in them with you, keepers of sheep who without fear take the food of the sheep; clouds without water rushing before the wind, wasted trees without fruit, twice dead, pulled up by the roots,
ουτοι εισιν εν ταις αγαπαις υμων σπιλαδες συνευοχουμενοι αφοβως εαυτους ποιμαινοντες νεφελαι ανυδροι υπο ανεμων περιφερομεναι δενδρα φθινοπωρινα ακαρπα δις αποθανοντα εκριζωθεντα
- 13 Yo tankou lanm lanmè lè lanmè a move. Y'ap pouse kim salte yo met deyò. Yo tankou zetwal ki pèdi rout yo. Bondye sere yon plas pou yo kote ki fè pi nwa a pou tout tan.
Violent waves of the sea, streaming with their shame, wandering stars for whom the darkest night is kept in store for ever.
κυματα αγρια θαλασσης επαφιζοντα τας εαυτων αισχυνας αστερες πλανηται οις ο ζοφος του σκοτους εις τον αιωνα τετηρηται

- 14 Depi lontan, Enòk, ki te vin sèt jenerasyon apre Adan, te pale sou yo, lè l' te di: Kouste. Men Bondye ap vini ak tout lame moun pa li yo.
The prophet Enoch, who was the seventh after Adam, said of these men, The Lord came with tens of thousands of his saints,
προεφητευσεν δε και τουτοις εβδομος απο αδαμ ενωχ λεγων ιδου ηλθεν κυριος εν μυριασιν αγιας αυτου
- 15 ¶ L'ap jije tout moun; l'ap kondannen tout mechan yo pou tout move bagay yo te fè kont Bondye. Moun sa yo ki te san respè pou Bondye, l'ap kondannen yo pou tout move paròl yo te di sou li.
To be the judge of all, and to give a decision against all those whose lives are displeasing to him, because of the evil acts which they have done, and because of all the hard things which sinners without fear of God have said against him.
ποιησαι κρισιν κατα παντων και εξελεγξαι παντας τους ασεβεις αυτων περι παντων των εργαων ασεβειας αυτων ων ησεβησαν και περι παντων των σκληρων ων ελαλησαν κατα αυτου αμαρτωλοι ασεβεις
- 16 Moun sa yo toujou ap bougonnen, y'ap plede plengnen sou sitiasyon yo. Se enterè yo ase y'ap achache. Depi yo louvri bouch yo, se vante y'ap vante tèt yo. Y'ap flate tout moun pou yo fire avantaj sou yo.
These are the men who make trouble, ever desiring change, going after evil pleasures, using high-sounding words, respecting men's position in the hope of reward.
ουτοι εισιν γογγυσται μεμψιμοιροι κατα τας επιθυμιας αυτων πορευομενοι και το στομα αυτων λαλει υπερογκα θαυμαζοντες προσωπα ωφελειας χαριν
- 17 Men, nou menm, zanmi m' yo, toujou chonje paròl apòt Segnè Jezikri yo te di nou davans lan.
But you, my loved ones, keep in memory the words which were said before by the Apostles of our Lord Jesus Christ,
υμεις δε αγαπητοι μνησθητε των ρηματων των προειρημενων υπο των αποστολων του κυριου ημων ιησου χριστου
- 18 Yo te di nou konsa: Lè dènye jou yo va rive, va gen anpil moun k'ap san respè pou bagay Bondye yo, moun k'ap pase nou anba betiz, moun k'ap viv dapre vye lide lanvi yo gengnen.
How they said to you, In the last days there will be men who, guided by their evil desires, will make sport of holy things.
οτι ελεγον υμιν οτι εν εσχατω χρονω εσονται εμπαικται κατα τας εαυτων επιθυμιας πορευομενοι των ασεβειων
- 19 Se moun sa yo k'ap simen divizyon. Yo kite egzijans lachè dominen yo. Se pa Lespri Bondye a k'ap dirije lavi yo.
These are the men who make divisions, natural men, not having the Spirit.
ουτοι εισιν οι αποδιοριζοντες ψυχικοι πνευμα μη εχοντες
- 20 Men, nou menm, mezanmi, annou kontinye grandi toujou nan konfyans nou k'ap fè nou viv pou Bondye nèt ale. Avèk pouvwa Sentespri a, annou lapriyè san rete.
But you, my loved ones, building yourselves up on your most holy faith, and making prayers in the Holy Spirit,
υμεις δε αγαπητοι τη αγιωτατη υμων πιστει εποικοδομουντες εαυτους εν πνευματι αγιω προσευχομενοι
- 21 Rete fèm nan renmen nou gen pou Bondye a, pandan n'ap tann Segnè nou, Jezikri, k'ap vin ban nou lavi ki p'ap fini an paske li gen pitye pou nou.
Keep yourselves in the love of God, looking for life eternal through the mercy of our Lord Jesus Christ.
εαυτους εν αγαπη θεου τηρησατε προσδεχομενοι το ελεος του κυριου ημων ιησου χριστου εις ζωην αιωνιον
- 22 Gen pitye pou frè yo ki nan doutans toujou.
And have pity on those who are in doubt;
και ους μεν ελειτε διακρινομενοι
- 23 Lonje men delivre yo, rache yo soti nan mitan dife a. Se pou nou gen pitye pou lòt moun yo tou. Men, fè atansyon, paske se pou nou rayi ata rad ki sou yo nan move lavi y'ap mennen an.
And to some give salvation, pulling them out of the fire; and on some have mercy with fear, hating even the clothing which is made unclean by the flesh.
ους δε εν φοβω σωζετε εκ του πυρος αρπαζοντες μισουντες και τον απο της σαρκος εσπιλωμενον χιτωνα
- 24 Koulye a tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite pou yon sèl Bondye a, pou Bondye ki ka kenbe nou pou nou pa tonbe, li menm ki kapab fè nou parèt san repròch ak kè kontan devan l' nan tout bèl pouvwa li.
Now to him who is able to keep you from falling, and to give you a place in his glory, free from all evil, with great joy,
τω δε δυναμενω φυλαξαι αυτους απταιστους και στησαι κατενωπιον της δοξης αυτου αμωμους εν αγαλλιασει
- 25 Li menm, sèl Bondye ki delivre nou gremesi Jezikri, Segnè nou an, wi, se pou li tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite, depi nan tan lontan, koulye a ak pou tout tan. Amèn.
To the only God our Saviour, through Jesus Christ our Lord, let us give glory and honour and authority and power, before all time and now and for ever. So be it.
μονω σοφω θεω σωτηρι ημων δοξα και μεγαλωσνη κρατος και εξουσια και νυν και εις παντας τους αιωνας αμην
- 1 ¶ Men revelasyon Bondye te bay Jezikri pou l' te fè sèvitè l' yo konnen sa ki gen pou rive anvan lontan. Se Kris la menm ki voye zanj li bò kot Jan, sèvitè l' la, pou fè l' konnen tout bagay sa yo.
The Revelation of Jesus Christ which God gave him so that his servants might have knowledge of the things which will quickly take place: and he sent and made it clear by his angel to his servant John;
αποκαλυψις ιησου χριστου ην εδοκεν αυτω ο θεος δειξει τοις δουλοις αυτου α δει γενεσθαι εν ταχει και εσημανεν αποστειλας δια του αγγελου αυτου τω δουλω αυτου ιωαννη

- 2 Se menm Jan sa a k'ap rakonte tou sa li te wè. Li rapòte mesaj ki soti nan Bondye a ansanm ak verite Jezikri te fè l' konnen an.
Who gave witness of the word of God, and of the witness of Jesus Christ, even of all the things which he saw.
ος εμαρτυρησεν τον λογον του θεου και την μαρτυριαν ιησου χριστου οσα τε ειδεν
- 3 ¶ Benediksiyon pou moun k'ap li liv sa a. Benediksiyon pou tout moun k'ap koute pawòl mesaj sa a ki soti nan Bondye, pou tout moun k'ap obeyi tou sa ki ekri nan Liv sa a, paske pa rete lontan ankò pou bagay sa yo rive.
A blessing be on the reader, and on those who give ear to the prophet's words, and keep the things which he has put in the book: for the time is near.
μακαριος ο αναγιωσκων και οι ακουοντες τους λογους της προφητειας και τηρουντες τα εν αυτη γεγραμμενα ο γαρ καιρος εγγυς
- 4 Se mwen menm Jan, k'ap ekri sèt legliz ki nan pwovens Lazi yo. M'ap lapriyè pou nou ka resewva benediksyon ak kè poze ki soti nan Bondye, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini an, benediksyon ak kè poze ki soti nan sèt lespri yo ki kanpe devan fotèy li a,
John to the seven churches which are in Asia: Grace to you and peace, from him who is and was and is to come; and from the seven Spirits which are before his high seat;
ιωαννης ταις επτα εκκλησιας ταις εν τη ασια χαρις υμιν και ειρηνη απο του ο ων και ο ην και ο ερχομενος και απο των επτα πνευματων α εστιν ενωπιον του θρονου αυτου
- 5 benediksyon ak kè poze ki soti nan Jezikri tou, li menm ki te bay verite a jan l' ye a, li menm premie pitit ki leve soti vivan nan lanmò a, li menm ki chèf tout wa ki sou latè. Kris la renmen nou, li bay san li lè li mouri pou l' te ka delivre nou anba peche nou yo.
And from Jesus Christ, the true witness, the first to come back from the dead, and the ruler of the kings of the earth. To him who had love for us and has made us clean from our sins by his blood;
και απο ιησου χριστου ο μαρτυς ο πιστος ο πρωτοτοκος εκ των νεκρων και ο αρχων των βασιλειων της γης τω αγαπησαντι ημας και λουσαντι ημας απο των αμαρτιων ημων εν τω αιματι αυτου
- 6 Li fè nou tounen wa ak prèt pou n' sèvi Bondye Papa li. Se pou li tout lwanj ak tout otorite pou tout tan. Amèn.
And has made us to be a kingdom and priests to his God and Father; to him let glory and power be given for ever and ever. So be it.
και εποησεν ημας βασιλεις και ιερεις τω θεω και πατρι αυτου αυτω η δοξα και το κρατος εις τους αιωνας των αιωνων αμην
- 7 Gade. Men Kris la ap vini sou tèt nwaj yo! Tout moun pral wè l', menm moun ki te pèse l' yo. Tout pèp sou latè pral kriye lè y'a wè li. Wi, se konsa sa pral pase. Amèn.
See, he comes with the clouds, and every eye will see him, and those by whom he was wounded; and all the tribes of the earth will be sorrowing because of him. Yes, so be it.
ιδου ερχεται μετα των νεφελων και οφεται αυτον πας οφθαλμος και οιτινες αυτον εξεκεντησαν και κοφονται επ αυτον πασαι αι φυλαι της γης ναι αμην
- 8 Mwen se konmansman, mwen se finisman tankou A ak Z. Se Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa a, ki di sa, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini an.
I am the First and the Last, says the Lord God who is and was and is to come, the Ruler of all.
εγω ειμι το α και το ω αρχη και τελος λεγει ο κυριος ο ων και ο ην και ο ερχομενος ο παντοκρατωρ
- 9 ¶ Mwen menm, Jan, mwen se frè nou. M'ap pataje tout bagay ak nou, kit se soufrans nou, kit se gouvènman Bondye ki wa a, kit se pasians Jezi ban nou an. Yo te ban mwen yon lil yo rele Patmòs pou prizon paske mwen t'ap fè konnen pawòl Bondye a ansanm ak verite Jezi te moutre a.
I, John, your brother, who have a part with you in the trouble and the kingdom and the quiet strength of Jesus, was in the island which is named Patmos, for the word of God and the witness of Jesus.
εγω ιωαννης ο και αδελφος υμων και συγκοινωνος εν τη θλιψει και εν τη βασιλεια και υπομονη ιησου χριστου εγενομην εν τη νησω τη καλουμενη πατμω δια τον λογον του θεου και δια την μαρτυρια ν ιησου χριστου
- 10 Yon jou dimanch, jou Mèt la menm, Lespri Bondye a pran m', mwen tande yon gwo vwa dèyè do m' ki sonnen tankou yon klewon.
I was in the Spirit on the Lord's day, and a great voice at my back, as of a horn, came to my ears,
εγενομην εν πνευματι εν τη κυριακη ημερα και ηκουσα οπισω μου φωνην μεγαλην ως σαλπιγγος
- 11 Li di m' konsa: Tou sa ou wè, ekri yo nan yon liv. Voye liv la bay sèt legliz ki nan sèt lavil sa yo: Efèz, Esmen, Pègam, Tiyati, Sad, Filadèlfi ak Lawodise.
Saying, What you see, put in a book, and send it to the seven churches; to Ephesus and to Smyrna and to Pergamos and to Thyatira and to Sardis and to Philadelphia and to Laodicea.
λεγουσης εγω ειμι το α και το ω ο πρωτος και ο εσχατος και ο βλεπεις γραψον εις βιβλιον και πεμψον ταις εκκλησιας ταις εν ασια εις εφεσον και εις σμυρναν και εις περγαμον και εις θυατειρα και εις σαρδεις και εις φιλαδελφειαν και εις λαοδικειαν
- 12 M' vire pou m' wè ki moun ki t'ap pale avè m' lan. Lè sa a, mwen wè sèt gwo lanp sèt branch an lò kanpe,
And turning to see the voice which said these words to me, I saw seven gold vessels with lights burning in them;
και επεστρεψα βλεπειν την φωνην ητις ελαλησεν μετ εμου και επιστρεψας ειδον επτα λυχνιας χρυσας
- 13 ak nan mitan yo yon moun ki te sanble ak yon gason. Li te gen yon gwo rad sou li byen long ki te bat jouk sou pie l', ak yon sentiwon an lò mare sou lestonmak li.
And in the middle of them one like a son of man, clothed with a robe down to his feet, and with a band of gold round his breasts.
και εν μεσω των επτα λυχνιων ομοιον υιο ανθρωπου ενδεδυμενον ποδηρη και περιεζωσμενον προς τοις μαστοις ζωνην χρυσην

- 14 Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton, blan kou koton. Je l' yo menm te tankou de flanm dife.
And his head and his hair were white like wool, as white as snow; and his eyes were as a flame of fire;
η δε κεφαλη αυτου και αι τριχες λευκαι ωσει εριον λευκον ως χιον και οι οφθαλμοι αυτου ως φλοξ πυρος
- 15 Pie l' yo te klere tankou kwiv yo poli apre yo fin chofe l' nan fòj. Lè l' pale menm, vwa l' te tankou bri gwo dlo k'ap sot tonbe nan yon falèz.
And his feet like polished brass, as if it had been burned in a fire; and his voice was as the sound of great waters.
και οι ποδες αυτου ομοιοι χαλκολιβανω ως εν καμινω πεπυρωμενοι και η φωνη αυτου ως φωνη υδατων πολλων
- 16 Li te gen sèt zetwal nan men dwat li ak yon nepe file de bò k'ap soti nan bouch li. Figi l' menm te klere tankou gwo solèy midi.
And he had in his right hand seven stars: and out of his mouth came a sharp two-edged sword: and his face was like the sun shining in its strength.
και εχων εν τη δεξια αυτου χειρι αστερας επτα και εκ του στοματος αυτου ρομφαια διστομος οξεια εκπορευομενη και η οψις αυτου ως ο ηλιος φαινει εν τη δυναμει αυτου
- 17 Lè mwen wè l', mwen tonbe nan pie l' tankou yon moun ki mouri. Li mete men dwat li sou mwen, li di m' konsa: Ou pa bezwen pè! Se mwen ki premie, se mwen ki dènye.
And when I saw him, I went down on my face at his feet as one dead. And he put his right hand on me, saying, Have no fear; I am the first and the last and the Living one;
και οτε ειδον αυτον επεσα προς τους ποδας αυτου ως νεκρος και επεθηκεν την δεξιαν αυτου χειρα επ εμε λεγων μοι μη φοβου εγω ειμι ο πρωτος και ο εσχατος
- 18 Mwen se moun ki vivan an. Mwen te mouri, men koulye a, mwen vivan pou tout tan. Mwen gen pouvwa sou lanmò ak sou peyi kote mò yo ye a.
And I was dead, and see, I am living for ever, and I have the keys of death and of Hell.
και ο ζων και εγενομη νεκρος και ιδου ζων ειμι εις τους αιωνας των αιωνων αμην και εχω τας κλεις του αδου και του θανατου
- 19 Ekri tou sa ou wè a: ni sa k'ap pase koulye a, ni sa ki gen pou rive apre.
Put in writing, then, the things which you have seen, and the things which are, and the things which will be after these;
γραψον α ειδες και α εισιν και α μελλει γινεσθαι μετα ταυτα
- 20 Men sans kache sèt zetwal ou wè nan men dwat mwen an, ansanm ak sans sèt gwo lanp sèt branch lò yo. Sèt zetwal yo se zanj sèt legliz yo. Sèt gwo lanp sèt branch yo, se sèt legliz yo.
The secret of the seven stars which you saw in my right hand, and of the seven gold vessels with burning lights. The seven stars are the angels of the seven churches: and the seven lights are the seven churches.
το μυστηριον των επτα αστερων ων ειδες επι της δεξιας μου και τας επτα λυχνιας τας χρυσας οι επτα αστερες αγγελιοι των επτα εκκλησιων εισιν και αι επτα λυχνιαι ας ειδες επτα εκκλησιαι εισιν
- 1 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Efèz la. Di l' konsa: Moun ki kenbe sèt zetwal yo nan men dwat li a, moun k'ap mache nan mitan sèt gwo lanp sèt branch lò yo, men sa li voye di ou:
To the angel of the church in Ephesus say: These things says he who has the seven stars in his right hand, who is walking in the middle of the seven gold lights:
τω αγγελω της εφεσινης εκκλησιας γραψον ταδε λεγει ο κρατων τους επτα αστερας εν τη δεξια αυτου ο περιπατων εν μεσω των επτα λυχνιων των χρυσων
- 2 Mwen konnen tou sa w'ap fè, jan ou travay di, jan ou gen pasians. Mwen konnen tou ou pa ka sipòte mechan yo: ou sonde tout moun sa yo k'ap pran pòz apòt yo. Ou dekouvri se mantò yo ye.
I have knowledge of your doings, and of your hard work and long waiting, and that you will not put up with evil men, and have put to the test those who say they are Apostles and are not, and have seen that they are false;
οιδα τα εργα σου και τον κοπον σου και την υπομονην σου και οτι ου δυνη βαστασαι κακους και επειρασω τους φασκοντας εισιν αποστολους και ουκ εισιν και ευρες αυτους ψευδεις
- 3 Ou gen anpil pasians, ou soufri anpil poutèt mwen. Ou pa dekouraje.
And you have the power of waiting, and have undergone trouble because of my name, without weariness.
και εβαστασας και υπομονην εχεις και δια το ονομα μου κεκοπιακας και ου κερμηκας
- 4 Men, men repwòch mwen gen pou m' fè ou: Koulye a ou pa renmen m' jan ou te renmen m' anvan an.
But I have this against you, that you are turned away from your first love.
αλλ εχω κατα σου οτι την αγαπην σου την πρωτην αφηκας
- 5 Chonje kote ou te ye anvan ou tonbe a, tounen vin jwenn Bondye. Reprann lavi ou t'ap mennen anvan an. Si ou pa tounen vin jwenn Bondye, m'ap vini kote ou ye a, m'ap wete chandelie ou la nan plas kote l' ye a.
So keep in mind where you were at first, and be changed in heart and do the first works; or I will come to you, and will take away your light from its place, if your hearts are not changed.
μημονευε ουν ποθεν εκπεπτωκας και μετανοησον και τα πρωτα εργα ποιησον ει δε μη ερχομαι σοι ταχει και κινησω την λυχνιαν σου εκ του τοπου αυτης εαν μη μετανοησης
- 6 Men, malgre sa, ou gen kichòy ki bon: ou pa vle wè sa bann Nikolayit yo ap fè a. Mwen menm tou, mwen pa vle wè yo.
But at least you have the credit of hating the works of the Nicolaitans, as I do.
αλλα τουτο εχεις οτι μισεις τα εργα των νικολαιτων α καγω μισω

- 7 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo! Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'ap ba yo dwa pou yo manje nan piebwa ki bay lavi a, piebwa ki nan mitan jaden Bondye a.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches. To him who overcomes I will give of the fruit of the tree of life, which is in the Paradise of God.
ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις τω νικωντι δωσω αυτο φαγειν εκ του ξυλου της ζωης ο εστιν εν μεσω του παραδεισου του θεου
- 8 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Esmen lan. Di l' konsa: Moun ki premie a ak dènèye a, li menm ki te mourì, men ki te leve soti vivan nan lanmò a, men sa l' voye di ou:
And to the angel of the church in Smyrna say: These things says the first and the last, who was dead and is living:
και τω αγγελω της εκκλησιας σμυρναϊων γραφων ταδε λεγει ο πρωτος και ο εσχατος ος εγενετο νεκρος και εζησεν
- 9 Mwen konnen jan w'ap soufri. Mwen konnen jan ou pòv. Men, pou di vre, ou rich anpil! Mwen konnen jan moun ki swadizan jwif yo ap pale ou mal. Men, se pa jwif yo ye. Se yon bann moun Satan.
I have knowledge of your troubles and how poor you are (but you have true wealth), and the evil words of those who say they are Jews, and are not, but are a Synagogue of Satan.
οιδα σου τα εργα και την θλιψιν και την πτωχειαν πλουσιος δε ει και την βλασφημιαν των λεγοντων ιουδαιους ειναι εαυτους και ουκ ειναι αλλα συναγωγη του σατανα
- 10 Ou pa bezwen pè pou sa ou pral soufri ankò. Koute, Satan pral chache sonde nou tout, li pral jete anpil nan nou nan prizon. Nou pral soufri pandan dis jou. Men, kenbe fèm menm si nou gen pou n' mourì. M'a ban nou lavi pou rekonpans.
Have no fear of the things which you will have to undergo: see, the Evil One will send some of you into prison, so that you may be put to the test; and you will have great trouble for ten days. Be true till death, and I will give you the crown of life.
μηδεν φοβου α μελλεις πασχειν ιδου μελλει βαλαιν εξ υμων ο διαβολος εις φυλακην ινα πειρασθητε και εξετε θλιψιν ημερων δεκα γινου πιστος αχρι θανατου και δωσω σοι τον στεφανον της ζωης
- 11 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo. Moun ki va goumen jouk yo genyen batay la p'ap soufri dezyèm lanmò a.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches. He who overcomes will not come under the power of the second death.
ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις ο νικων ου μη αδικηθη εκ του θανατου του δευτερου
- 12 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Pègam lan. Di l' konsa: Men sa moun ki gen nepe file de bò a voye di ou:
And to the angel of the church in Pergamos say: These things says he who has the sharp two-edged sword:
και τω αγγελω της εν περγαμω εκκλησιας γραφων ταδε λεγει ο εχων την ρομφαιαν την διστομον την οξειαν
- 13 Mwen konnen kote ou rete a se la Satan chita. Ou pa lage m', ou pa pèdi konfians ou gen nan mwen an, menm lè yo te fè touye Antipas ki mourì poutèt mwen la nan mitan nou, nan lavil kote Satan rete a.
I have knowledge that your living-place is where Satan has his seat: and you are true to my name, and were not turned away from your faith in me, even in the days of Antipas, my true witness, who was put to death among you, where Satan has his place.
οιδα τα εργα σου και που κατοικεις σπου ο θρονος του σατανα και κρατεις το ονομα μου και ουκ ηρνησω την πιστιν μου και εν ταις ημεραις εν αις αντιπας ο μαρτυς μου ο πιστος ος απεκτανθη παρ υμιν οπου κατοικει ο σατανας
- 14 Men, men repwòch mwen gen pou m' fè ou: ou gen kèk moun lakay ou k'ap swiv konsèy Balaram te bay lè li te moutre Balak sa pou l' te fè pou fè pitit Izrayèl yo tonbe nan peche, pou l' te fè yo manje viann bèt yo te ofri pou touye bay zidòl, pou l' te fè yo lage kò yo nan imoralite.
But I have some things against you, because you have with you those who keep the teaching of Balaam, by whose suggestion Balak made the children of Israel go out of the right way, taking food which was offered to false gods, and going after the desires of the flesh.
αλλ εχω κατα σου ολιγα οτι εχεις εκει κρατουντας την διδαχην βαλααμ ος εδιδασκεν εν τω βαλακ βαλαιν σκανδαλον ενωπιον των υιων ισραηλ φαγειν ειδωλοθυτα και πορνευσαι
- 15 Konsa tou, ou gen kèk moun lakay ou k'ap swiv konsèy Nikolayit yo.
And you have those who keep the teaching of the Nicolaitans.
ουτως εχεις και συ κρατουντας την διδαχην των νικολαιτων ο μισω
- 16 Tounen vin jwenn Bondye non. Si ou pa fè sa, talè konsa m'ap vini, m'ap goumen ak moun sa yo ak nepe k'ap soti nan bouch mwen an.
See, then, that you have a change of heart; or I will come to you quickly, and will make war against them with the sword of my mouth.
μετανοησον ει δε μη ερχομαι σοι ταχυ και πολεμησω μετ αυτων εν τη ρομφαια του στοματος μου
- 17 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo. Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'a ba yo laman ki kache a. M'ap ba yo chak yon ti wòch blan ak yon lòt non ekri sou li, yon non pesonn pa konnen esepite moun ki resevwa l' la.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches. To him who overcomes I will give of the secret manna, and I will give him a white stone, and on the stone a new name, of which no one has knowledge but he to whom it is given.
ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις τω νικωντι δωσω αυτο φαγειν απο του μαννα του κεκρυμμενου και δωσω αυτο ψηφον λευκην και επι την ψηφον ονομα καινον γεγραμμενον ο ουδεις εγνω ει μη ο λαμβανων

- 18 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Tiyati a. Di l' konsa: Men sa pitit Bondye a voye di ou, li menm ki gen je l' yo tankou de flanm dife, ak pie l' yo klere tankou kwiv poli.
And to the angel of the church in Thyatira say: These things says the Son of God, whose eyes are like a flame of fire, and his feet like polished brass:
 και το αγγελω της εν θυατειροις εκκλησιας γραψον ταδε λεγει ο υιος του θεου ο εχων τους οφθαλμους αυτου ως φλογα πυρος και οι ποδες αυτου ομοιοι χαλκολιβανω
- 19 Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen jan ou gen renmen nan kè ou, jan ou gen konfians, jan ou fè sèvis ou byen, ak jan ou gen anpil pasians. Mwen konnen tou w'ap travay koulye a pi plis pase anvan.
I have knowledge of your works, and your love and faith and help and strength in trouble, and that your last works are more than the first.
 οίδα σου τα εργα και την αγαπην και την διακονιαν και την πιστιν και την υπομονην σου και τα εργα σου και τα εσχατα πλειονα των πρωτων
- 20 Men, men repwòch mwen gen pou m' fè ou: w'ap tolere fanm yo rele Jezabèl la k'ap pran pòz pwofèt Bondye li. L'ap detounen sèvitè m' yo, l'ap moutre yo pou yo lage kò yo nan imoralite, pou yo manje viann bèt yo te ofri pou touye bay zidòl.
But I have this against you, that you let the woman Jezebel say she is a prophet and give false teaching, making my servants go after the desires of the flesh and take food offered to false gods.
 αλλ εχω κατα σου ολιγα οτι εας την γυναικα ιεζαβηλ την λεγουσαν εαυτην προφητιν διδασκειν και πλανασθαι εμους δουλους πορνευσαι και ειδωλοθυτα φαγειν
- 21 Mwen ba l' kont tan pou l' vire kite peche l' yo. Men, li pa vle kite imoralite li a.
And I gave her time for a change of heart, but she has no mind to give up her unclean ways.
 και εδωκα αυτη χρονον ινα μετανοησιν εκ της πορνειας αυτης και ου μετανοησεν
- 22 Se poutèt sa, mwen pral lage l' jete sou yon kabann kote li pral soufri anpil. Tout moun k'ap fè adiltè avè l' yo pral soufri anpil tou, si yo pa chanje, si yo pa kite move zak y'ap plede fè ansanm avè l' yo.
See, I will put her into a bed, and those who make themselves unclean with her, into great trouble, if they go on with her works.
 ιδου εγω βαλλω αυτην εις κλινην και τους μοιχευοντας μετ αυτης εις θλιψιν μεγαλην εαν μη μετανοησωσιν εκ των εργαων αυτων
- 23 Apre sa, m'ap fè tout pitit li yo mouri. Konsa, tout legliz yo va konnen mwen se moun ki konnen tout lide lèzòm ap fè nan tèt yo ak tout santiman yo gen nan kè yo. M'ap bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.
And I will put her children to death; and all the churches will see that I am he who makes search into the secret thoughts and hearts of men: and I will give to every one of you the reward of your works.
 και τα τεκνα αυτης αποκτενω εν θανατω και γνωσονται πασαι αι εκκλησιαι οτι εγω ειμι ο ερευνων νεφρους και καρδιας και δωσω υμιν εκαστω κατα τα εργα υμων
- 24 Pou nou menm, lòt manm legliz nan lavil Tiyati yo ki pa swiv move konsèy sa yo, ki pa t' aprann sa bann moun sa yo ap rele gwo sekrè Satan an, men sa m'ap di nou: Mwen p'ap ban nou lòt chay pase sa.
But to you I say, to the rest in Thyatira, even to those who have not this teaching, and have no knowledge of the secrets of Satan, as they say; I put on you no other weight.
 υμιν δε λεγω και λοιποις τοις εν θυατειροις σοι ουκ εχουσιν την διδαχην ταυτην και οιτινες ουκ εγνωσαν τα βαθη του σατανα ως λεγουσιν ου βαλω εφ υμας αλλο βαρος
- 25 Men, kenbe sa nou genyen an byen fèm jouk jou m'a tounen.
But what you have, keep safe till I come.
 πλην ο εχετε κρατησατε αχρις ου αν ηξω
- 26 Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, epi ki va toujou ap fè sa m' vle yo fè a jouk sa kaba, m'a ba yo pouvwa sou tout nasyon,
He who overcomes, and keeps my works to the end, to him I will give rule over the nations,
 και ο νικων και ο τηρων αχρι τελους τα εργα μου δωσω αυτω εξουσιαν επι των εθνων
- 27 menm jan Papa m' te ban m' pouvwa sa a tou. Y'a gouvènen nasyon yo ak yon baton fè, y'a kraze yo an miyèt moso tankou yon kannari yo kraze.
And he will be ruling them with a rod of iron; as the vessels of the potter they will be broken, even as I have power from my Father:
 και ποιμανει αυτους εν ραβδω σιδηρα ως τα σκευη τα κεραμικα συντριβεται ως καγω ειληφα παρα του πατρος μου
- 28 M'a ba yo bèl zetwal ki klere chak maten an tou.
And I will give him the morning star.
 και δωσω αυτω τον αστερα τον πρωινον
- 29 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches.
 ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις

- 1 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Sad la. Di l' konsa: Men sa moun ki gen sèt Lespri Bondye yo ak sèt zetwal yo voye di ou: Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen tout moun konprann ou vivan. Men, ou mouri.
And to the angel of the church in Sardis say: These things says he who has the seven Spirits of God and the seven stars: I have knowledge of your works, that you seem to be living but are dead.
και το αγγελω της εν σαρδεσιν εκκλησιας γραπον ταδε λεγει ο εχων τα πνευματα του θεου και τους επτα αστερας οίδα σου τα εργα οτι το ονομα εχεις οτι ζης και νεκρος ει
- 2 Souke kò ou, bay ti rès lavi ou rete a fòs anvan ou fin mouri nèt. Paske, mwen wè sa w'ap fè a pa fin kòrèk devan Bondye mwen an.
Be on the watch, and make strong the rest of the things which are near to death; because as judged by me your works have not come up to God's measure.
γινου γρηγορων και στηριζον τα λοιπα α μελλει αποθανειν ου γαρ ευρηκα σου τα εργα πεπληρωμενα ενωπιον του θεου
- 3 Chonje sa yo te moutre ou la. Chonje jan ou te resewva li. Obeyi l', tounen vin jwenn Bondye. Si ou pa sispann dòmi, m'ap vini sou ou tankou yon vòlè, san ou pa atann.
Keep in mind, then, the teaching which was given to you, and be ruled by it and have a change of heart. If then you do not keep watch, I will come like a thief, and you will have no knowledge of the hour when I will come on you.
μνημονευε ουν πως ειληφας και ηκουσας και τηρει και μετανοησον εαν ουν μη γρηγορησης ηξω επι σε ως κλεπτης και ου μη γνως ποιαν ωραν ηξω επι σε
- 4 Men, gen kèk moun nan nou nan lavil Sad la ki te kenbe rad yo pwòp. Y'a mache ansanm avè m' ak rad blan yo, paske yo merite sa.
But you have some names in Sardis who have kept clean their robes; and as a reward they will go in white with me.
εχεις ολιγα ονοματα και εν σαρδεσιν α ουκ εμολυναν τα ιματια αυτων και περιπατησουσιν μετ εμου εν λευκοις οτι αξιοι εισιν
- 5 Tout moun ki goumen jouk yo genyen batay la pral mete rad blan an sou yo. Mwen p'ap wete non yo nan liv ki gen non moun ki gen lavi a. M'ap rekonèt yo pou moun pa m' devan Papa mwen ak devan zanj li yo.
He who overcomes will be dressed in white, and I will not take his name from the book of life, and I will give witness to his name before my Father, and before his angels.
ο νικων ουτος περιβαλειται εν ιματιοις λευκοις και ου μη εξαλειψω το ονομα αυτου εκ της βιβλου της ζωης και εξομολογησομαι το ονομα αυτου ενωπιον του πατρος μου και ενωπιον των αγγελων αυτου
- 6 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches.
ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις
- 7 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Filadèlfi a. Di l' konsa: Moun ki sen an, moun k'ap di verite a, moun ki gen kle wa David la nan men l' lan, moun ki lè li louvri pesonn pa ka fèmen, lè l' fèmen pesonn pa ka louvri a, men sa l' voye di ou:
And to the angel of the church in Philadelphia say: These things says he who is holy, he who is true, he who has the key of David, opening the door so that it may be shut by no one, and shutting it so that it may be open to no one.
και το αγγελω της εν φιλαδελφεια εκκλησιας γραπον ταδε λεγει ο αγιος ο αληθινος ο εχων την κλειδα του δαβιδ ο ανοιγων και ουδεις κλειει και κλειει και ουδεις ανοιγει
- 8 Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen ou pa gen anpil kouraj. Malgre sa, w'ap kenbe pawòl mwen. Ou pa lage mwen. Mwen louvri yon pòt devan ou, pesonn p'ap ka fèmen li.
I have knowledge of your works (see, I have put before you an open door which may be shut by no one), and that you have a little strength, and have kept my word, and have been true to my name.
οίδα σου τα εργα ιδου δεδωκα ενωπιον σου θυραν ανεωγμενην και ουδεις δυναται κλεισαι αυτην οτι μικραν εχεις δυναμιν και ετηρησας μου τον λογον και ουκ ηρησω το ονομα μου
- 9 Men, pou moun ki fè pati gwoup Satan an, bann mantò sa yo k'ap pran pòz jwif yo men ki pa jwif, m'ap fòse yo vin mete ajenou devan ou pou yo ka respekte ou. Se pou yo rekonèt se ou menm mwen renmen.
See, I will make those of the Synagogue of Satan who say they are Jews, and are not, but say what is false; I will make them come and give worship before your feet, and see my love for you.
ιδου διδωμι εκ της συναγωγης του σατανα των λεγοντων εαυτους ιουδαιους εισιν και ουκ εισιν αλλα ψευδονται ιδου ποιησω αυτους ινα ηξωσιν και προσκυνησωσιν ενωπιον των ποδων σου και γνωσι ν οτι εγω ηγαπησα σε
- 10 Menm jan ou te kenbe lòd mwen te ba ou lè m' te mande ou pou te pran pasians lan, konsa tou, m'a kenbe ou, m'a pwoteje ou nan malè ki pral vin sou tout latè a. Se va yon gwo eprèn pou tout moun ki sou latè.
Because you have kept my word in quiet strength, I will keep you from the hour of testing which is coming on all the world, to put to the test those who are on earth.
οτι ετηρησας τον λογον της υπομονης μου καγω σε τηρησω εκ της ωρας του πειρασμου της μελλουσης ερχεσθαι επι της οικουμενης ολης πειρασαι τους κατοικουντας επι της γης
- 11 Anvan lontan mapral vini. Kenbe sa ou genyen an fèm pou pesonn pa wete rekonpans ou nan men ou.
I come quickly: keep that which you have, so that no one may take your crown.
ιδου ερχομαι ταχυ κρατει ο εχεις ινα μηδεις λαβη τον στεφανον σου

- 12 Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'ap fè yo tounen yon gwo poto nan kay Bondye a. Apre sa, yo p'ap janm soti. M'a make non Bondye ansanm ak non lavil Bondye a, lòt Jerizalèm k'ap desann sot nan sièl la, sou yo. M'ap make lòt non mwen an sou yo tou.
Him who overcomes I will make a pillar in the house of my God, and he will go out no more: and I will put on him the name of my God, and the name of the town of my God, the new Jerusalem, which comes down out of heaven from my God, and my new name.
 ο νικων ποιησω αυτον στυλον εν τω ναω του θεου μου και εξω ου μη εξελθη επι και γραψω επι αυτον το ονομα του θεου μου και το ονομα της πολεως του θεου μου της καινης ιερουσαλημ η καταβαιν ουσα εκ του ουρανου απο του θεου μου και το ονομα μου το καινον
- 13 Se pou tout moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches.
 ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις
- 14 ¶ Ekri zanj legliz ki nan lavil Lawodise a. Di l' konsa: Moun ki verite a, moun k'ap di verite a jan l' ye a san bay manti, li menm ki sous tou sa Bondye kreye a, men sa li voye di ou:
And to the angel of the church in Laodicea say: These things says the true and certain witness, the head of God's new order:
 και τω αγγελω της εκκλησιας λαοδικεων γραψον ταδε λεγει ο αμην ο μαρτυρ ο πιστος και αληθινος η αρχη της κτισεως του θεου
- 15 Mwen konnen tou sa w'ap fè. Mwen konnen ou pa ni cho ni frèt. Pito ou te cho osinon ou te frèt.
I have knowledge of your works, that you are not cold or warm: it would be better if you were cold or warm.
 οιδα σου τα εργα οτι ουτε ψυχρος ει ουτε ζεστος οφελον ψυχρος ειη η ζεστος
- 16 Men, ou kièd, ou pa cho, ou pa frèt. Mwen pral vonmi ou soti nan bouch mwen.
So because you are not one thing or the other, I will have no more to do with you.
 ουτως οτι γλιαρρος ει και ουτε ψυχρος ουτε ζεστος μελλω σε εμεσαι εκ του στοματος μου
- 17 W'ap plede di: Mwen rich, zafè m' ap mache byen. Mwen pa manke anyen. Pòdiab! Konnen ou pa konnen jan ou malere, jan ou nan gwo nesite, jan ou pòn, toutoni ak tou de je ou yo pete!
For you say, I have wealth, and have got together goods and land, and have need of nothing; and you are not conscious of your sad and unhappy condition, that you are poor and blind and without clothing.
 οτι λεγεις οτι πλουσιος ειμι και πεπλουτηκα και ουδενοσ χρειαν εχω και ουκ οιδασ οτι συ ει ο ταλαιπωρος και ελεεινος και πτωχος και τυφλος και γυμνος
- 18 Se poutèt sa, mwen ta ba ou konsèy achte nan men m' bon lò san melanj ki pase nan dife. Konsa ou va rich tout bon. Achte nan men m' tou rad blan pou mete sou ou pou moun pa wè jan ou toutouni. Sa se yon wont pou ou. Achte nan men m' tou renmèd pou mete nan je ou pou ou ka wè.
If you are wise you will get from me gold tested by fire, so that you may have true wealth; and white robes to put on, so that your shame may not be seen; and oil for your eyes, so that you may see.
 συμβουλευε σοι αγορασαι παρ εμου χρυσιον πεπυρωμενον εκ πυρος ινα πλουτησης και ιματια λευκα ινα περιβαλη και μη φανερωθη η αισχυνη της γυμνοτητος σου και κολουριον εγχρισον τους οφθαλμους σου ινα βλεπης
- 19 Moun mwen renmen se yo mwen korije, se yo mwen peni. Mete plis aktivite nan sèvis ou. Tounen vin jwenn Bondye.
To all those who are dear to me, I give sharp words and punishment: then with all your heart have sorrow for your evil ways.
 εγω οσοσ εαν φιλω ελεγχω και παιδεω ζηλωσον ουν και μετανοησον
- 20 Koute. Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m', si l' louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li, m'a manje ansanm avè l', la manje ansanm avèk mwen.
See, I am waiting at the door and giving the sign; if my voice comes to any man's ears and he makes the door open, I will come in to him, and will take food with him and he with me.
 ιδου εστηκα επι την θυραν και κρουω εαν τις ακουση της φωνης μου και ανοιξη την θυραν εισελευσομαι προς αυτον και δειπνησω μετ αυτου και αυτος μετ εμου
- 21 Tout moun ki goumen jouk yo genyen batay la, m'ap ba yo dwa chita bò kote m' lè m'a sou fòtèy mwen an, menm jan mwen menm mwen te goumen jouk mwen te genyen batay la, pou koulye a mwen chita bò kot Papa m' ki chita sou fòtèy li a.
To him who overcomes I will give a place with me on my high seat, even as I overcame, and am seated with my Father on his high seat.
 ο νικων δωσω αυτω καθισαι μετ εμου εν τω θρονω μου ως καγω ενικησα και εκαθισα μετα του πατροσ μου εν τω θρονω αυτου
- 22 Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo.
He who has ears, let him give ear to what the Spirit says to the churches.
 ο εχων ους ακουσατω τι το πνευμα λεγει ταις εκκλησιαις
- 1 ¶ Apre sa, mwen fè yon lòt vizyon, mwen wè yon pòt louvri nan sièl la. Vwa ki t'ap sonnen nan zòrèy mwen tankou yon klewon an, menm vwa ki t'ap pale avè m' anvan an, di m' konsa: Moute bò isit, m'a fè ou wè sa ki gen pou rive apre sa.
After these things I saw a door open in heaven, and the first voice came to my ears, like the sound of a horn, saying, Come up here, and I will make clear to you the things which are to come.
 μετα ταυτα ειδον και ιδου θυρα ηνεωγμενη εν τω ουρανω και η φωνη η πρωτη ην ηκουσα ως σαλπυγγος λαλουσης μετ εμου λεγουσα αναβα ωδε και δειξω σοι α δει γενεσθαι μετα ταυτα

- 2 Lamenn, Lespri Bondye a fè m' fè yon vizyon, mwen wè yon fòtèy nan sièl la ak yon moun chita sou li.
Straight away I was in the Spirit: and I saw a high seat in heaven, and one was seated on it;
και ευθεως εγενομην εν πνευματι και ιδου θρονος εκειτο εν τω ουρανω και επι του θρονου καθημενος
- 3 Figi moun lan te klere tankou piè bijou yo rele jasp la ak sa yo rele sadwan lan. Fòtèy la menm te nan mitan yon gwo lakansièl ki te klere tankou yon piè emwòd.
And to my eyes he was like a jasper and a sardius stone: and there was an arch of light round the high seat, like an emerald.
και ο καθημενος ην ομοιος ορασει λιθω ιασπιδι και σαρδινω και τρις κυκλοθεν του θρονου ομοιος ορασει σμαραγδινω
- 4 Tout arebò fòtèy la te gen vennkat lòt fòtèy ak vennkat granmoun chita sou yo. Granmoun yo te gen rad tout blan sou yo, ak yon kouwòn an lò sou tèt yo chak.
And round about the high seat were four and twenty seats: and on them I saw four and twenty rulers seated, clothed in white robes; and on their heads crowns of gold.
και κυκλοθεν του θρονου θρονοι εικοσι και τεσσαρες και επι τους θρονους ειδον τους εικοσι και τεσσαρας πρεσβυτερους καθημενους περιβεβλημενους εν ιματιοις λευκοις και εσχον επι τας κεφαλαις αυτων στεφανους χρυσους
- 5 Kout zèklè t'ap pati soti nan fòtèy la ansanm ak mizik ak kout loraj. Te gen sèt flanbo limen ki t'ap boule devan fòtèy la; se sèt Lespri Bondye yo.
And out of the high seat came flames and voices and thunders. And seven lights of fire were burning before the high seat, which are the seven Spirits of God;
και εκ του θρονου εκπορευονται αστραπαι και βρονται και φωνα και επτα λαμπαδες πυρος καιομεναι ενωπιον του θρονου αι εισιν τα επτα πνευματα του θεου
- 6 Devan fòtèy la tou te gen yon bagay ki te sanble yon lannè an glas ki klere kou kristal. Toupre fòtèy la, te gen kat bèt vivan kanpe yonn nan chak direksyon. Yo te gen anpil je devan kou dèyè.
And before the high seat there was, as it seemed, a clear sea of glass; and in the middle of the high seat, and round about it, four beasts full of eyes round about.
και ενωπιον του θρονου θαλασσα υαλινη ομοια κρυσταλλω και εν μεσω του θρονου και κυκλω του θρονου τεσσαρα ζωα γεμοντα οφθαλμων εμπροσθεν και οπισθεν
- 7 Premie a te sanble ak yon lyon. Dezyèm lan te sanble ak yon jenn ti towò bèf. Twazièm lan te gen yon figi ki te sanble ak figi moun. Katrivièm lan te sanble ak yon gwo malfini k'ap vole.
And the first beast was like a lion, and the second like an ox, and the third had a face like a man, and the fourth was like an eagle in flight.
και το ζων το πρωτον ομοιον λεοντι και το δευτερον ζων ομοιον μοσχω και το τριτον ζων εχον το προσωπον ως ανθρωπος και το τεταρτον ζων ομοιον αετω πετωμενω
- 8 ¶ Yo chak yo te gen sis zèl. Tout kò yo se te je anedan kou deyò. Lajounen kou lannwit y'ap chante san rete: Wi, li sen, li sen, li sen vre, Bondye sèl Mèt ki gen tout pouvwa a, Li menm ki te la, ki la koulè a, ki gen pou vini an.
And the four beasts, having every one of them six wings, are full of eyes round about and inside: and without resting day and night, they say, Holy, holy, holy, Lord God, Ruler of all, who was and is and is to come.
και τεσσαρα ζωα εν καθ εαυτο ειχον ανα περυγας εξ κυκλοθεν και εσωθεν γεμοντα οφθαλμων και αναπαυσιν ουκ εχουσιν ημερας και νυκτος λεγοντα αγιος αγιος αγιος κυριος ο θεος ο παντοκρατωρ ο ην και ο ων και ο ερχομενος
- 9 Kat bèt vivan yo t'ap chante pou fè lwanj moun ki chita sou fòtèy la, pou rann li onè, pou di l' mès, li menm ki vivan pou tout tan an. Chak fwa yo pran chante,
And when the beasts give glory and honour to him who is seated on the high seat, to him who is living for ever and ever,
και οταν δωσουσιν τα ζωα δοξαν και τιμην και ευχαριστιαν τω καθημενω επι του θρονου τω ζωντι εις τους αιωνας των αιωνων
- 10 vennkat granmoun yo tonbe ajenou fas atè devan moun ki chita sou fòtèy la, yo adore moun ki vivan pou tout tan an. Yo jete kouwòn yo devan fòtèy la. Yo di:
The four and twenty rulers go down on their faces before him who is seated on the high seat, and give worship to him who is living for ever and ever, and take off their crowns before the high seat, saying,
πεσουνται οι εικοσι και τεσσαρες πρεσβυτεροι ενωπιον του καθημενου επι του θρονου και προσκυνουσιν τω ζωντι εις τους αιωνας των αιωνων και βαλλουσιν τους στεφανους αυτων ενωπιον του θρονου λεγοντες
- 11 O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'.
It is right, our Lord and our God, for you to have glory and honour and power: because by you were all things made, and by your desire they came into being.
αξιος ει κυριε λαβειν την δοξαν και την τιμην και την δυναμιν οτι συ εκτισας τα παντα και δια το θελημα σου εισιν και εκτισθησαν
- 1 ¶ Apre sa, mwen wè yon liv nan men dwat moun ki te chita sou fòtèy la. Liv la te gen fòm yon woulo papie, li te ekri sou anndan ak sou deyò. Li te sele sèt kote.
And I saw in the right hand of him who was seated on the high seat, a book with writing inside it and on the back, shut with seven stamps of wax.
και ειδον επι την δεξιαν του καθημενου επι του θρονου βιβλιον γεγραμμενον εσωθεν και οπισθεν κατεσφραγισμενον σφραγισιν επτα
- 2 Mwen wè yon zanj ki gen anpil fòs ki t'ap pale byen fò. Li t'ap di: Ki moun ki ka kase sele yo pou louvri liv la?
And I saw a strong angel saying in a loud voice, Who is able to make the book open, and to undo its stamps?
και ειδον αγγελον ισχυρον κηρυσσοντα φωνη μεγαλη τις εστιν αξιος ανοιξει το βιβλιον και λυσαι τας σφραγιδας αυτου

- 3 Men, pa t' gen pesonn ni nan sièl la, ni sou tè a, ni anba tè a ki te kapab louvri liv la pou wè sa ki te ladan li.
And no one in heaven, or on the earth, or under the earth, was able to get the book open, or to see what was in it.
και ουδεις ηδυνατο εν τω ουρανω ουδε επι της γης ουδε υποκατω της γης ανοιξει το βιβλιον ουδε βλεπειν αυτο
- 4 Mwen t'ap kriye anpil, paske pa t' gen pesonn ki te kapab louvri liv la pou gade sa ki te ladan li.
And I was very sad, because there was no one able to get the book open or to see what was in it.
και εγω εκλαιον πολλα οτι ουδεις αξιος ευρεθη ανοιξει και αναγνωναι το βιβλιον ουτε βλεπειν αυτο
- 5 Lè sa a, yonn nan granmoun yo di mwen konsa: Pa kriye. Gade. Men lyon ki soti nan fanmi Jida a, pitit pitit David la, ki te genyen batay la. Li ka kase sèt sele yo pou louvri liv la.
And one of the rulers said to me, Do not be sad: see, the Lion of the tribe of Judah, the Root of David, has overcome, and has power to undo the book and its seven stamps.
και εις εκ των πρεσβυτερων λεγει μοι μη κλαιε ιδου ενικησεν ο λεων ο ων εκ της φυλης ιουδα η ριζα δαβιδ ανοιξει το βιβλιον και λυσαι τας επτα σφραγιδας αυτου
- 6 ¶ Mwen wè yon ti Mouton kanpe nan mitan fòtèy la, nan mitan kat bèt vivan yo ak granmoun yo. Ti Mouton an te tankou yon mouton yo te touye deja. Li te gen sèt kòn ak sèt je nan tèt li: se te sèt Lespri Bondye te voye toupatou sou latè.
And I saw in the middle of the high seat and of the four beasts, and in the middle of the rulers, a Lamb in his place, which seemed as if it had been put to death, having seven horns and seven eyes, which are the seven Spirits of God, sent out into all the earth.
και ειδον και ιδου εν μεσω του θρονου και των τεσσαρων ζων και εν μεσω των πρεσβυτερων αρνιον εστηκος ως εσφαγμενον εχον κερατα επτα και οφθαλμους επτα οι εισιν τα επτα του θεου πνευμα τα τα απεσταλμενα εις πασαν την γην
- 7 Ti Mouton an pwoche, li pran liv la nan men dwat moun ki te chita sou fòtèy la.
And he came and took it out of the right hand of him who was seated on the high seat.
και ηλθεν και ειληφεν το βιβλιον εκ της δεξιας του καθημενου επι του θρονου
- 8 Lè li pran liv la, kat bèt vivan yo ansanm ak vennkat granmoun yo tonbe ajenou devan ti Mouton an. Yo chak te gen nan men yo yon gita pou fè mizik ak yon gode fèt an lò ki te plen lansan. Lansan an se lapriyè moun Bondye yo.
And when he had taken the book, the four beasts and the four and twenty rulers went down on their faces before the Lamb, having every one an instrument of music, and gold vessels full of perfumes, which are the prayers of the saints.
και οτε ελαβεν το βιβλιον τα τεσσαρα ζωα και οι εικοσιτεσσαρες πρεσβυτεροι επεσον ενωπιον του αρνιου εχοντες εκαστος κιθαρας και φιαλας χρυσας γεμουσας θυμιαματων αι εισιν αι προσευχαι των αγιων
- 9 Yo t'ap chante yon kantik tou nèf ki pati konsa: Wi, ou merite vre, ou kapab pran Liv la pou kase sele yo, paske yo te touye ou. Se konsa ou bay san ou pou achte yon bann moun pou Bondye, moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon.
And their voices are sounding in a new song, saying, It is right for you to take the book and to make it open: for you were put to death and have made an offering to God of your blood for men of every tribe, and language, and people, and nation,
και αδουσιν ωδην καινην λεγοντες αξιος ει λαβειν το βιβλιον και ανοιξει τας σφραγιδας αυτου οτι εσφαγης και ηγορασας τω θεω ημας εν τω αιματι σου εκ πασης φυλης και γλωσσης και λαου και εθνους
- 10 Ou fè yo tounen yon sèl nasyon pou Wa a, yon bann prèt k'ap sèvi Bondye nou an. Se yo ki va gouvènen sou latè a.
And have made them a kingdom and priests to our God, and they are ruling on the earth.
και εποησας ημας τω θεω ημων βασιλεις και ιερεις και βασιλευσομεν επι της γης
- 11 Mwen gade ankò, mwen tande vwa yon bann zanj: Yo te tèlman anpil, moun pa t' kapab konte yo. Yo te kanpe fè wonn kote fòtèy la te ye a ansanm ak bèt vivan yo ak granmoun yo.
And I saw, and there came to my ears the sound of a great number of angels round about the high seat and the beasts and the rulers; and the number of them was ten thousand times ten thousand, and thousands of thousands;
και ειδον και ηκουσα φωνην αγγελων πολλων κυκλοθεν του θρονου και των ζων και των πρεσβυτερων και χιλιαδες χιλιαδων
- 12 Zanj yo t'ap chante byen fò: Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l' pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj.
Saying with a great voice, It is right to give to the Lamb who was put to death, power and wealth and wisdom and strength and honour and glory and blessing.
λεγοντες φωνη μεγαλη αξιον εστιν το αρνιον το εσφαγμενον λαβειν την δυναμιν και πλουτον και σοφιαν και ισχυν και τιμην και δοξαν και ευλογιαν
- 13 Apre sa, mwen tande tout kreyati Bondye yo nan sièl la, sou latè, anba tè a, nan lannè, yo tout yo t'ap chante: Lwanj, respè, pouvwa, otorite pou Moun ki chita sou fòtèy la, ak pou ti Mouton an pou tout tan.
And to my ears came the voice of everything in heaven and on earth and under the earth and in the sea, and of all things which are in them, saying, To him who is seated on the high seat, and to the Lamb, may blessing and honour and glory and power be given for ever and ever.
και παν κτισμα ο εστιν εν τω ουρανω και εν τη γη και υποκατω της γης και επι της θαλασσης α εστιν και τα εν αυτοις παντα ηκουσα λεγοντας τω καθημενω επι του θρονου και τω αρνιω η ευλογια και η τιμη και η δοξα και το κρατος εις τους αιωνας των αιωνων

- 14 Kat bèt vivan yo t'ap reponn: Wi, se vre. Granmoun yo menm tonbe ajenou, yo t'ap adore.
And the four beasts said, So be it. And the rulers went down on their faces and gave worship.
και τα τεσσαρα ζωα ελεγον αμην και οι εικοσιτεσσαρες πρεσβυτεροι επεσαν και προσεκυνησαν ζωντι εις τους αιωνας των αιωνων
- 1 ¶ Apre sa mwen wè ti Mouton an kase yonn nan sèt sele yo. Lè sa a, mwen tande yonn nan kat bèt vivan yo pale, ou ta di yon kout loraj. Li di: Vini non!
And I saw when the Lamb undid one of the stamps, and the voice of one of the four beasts came to my ears, saying as with a voice of thunder, Come and see.
και ειδον οτε ηνοιξεν το αρνιον μιαν εκ των σφραγιδων και ηκουσα ενος εκ των τεσσαρων ζωνων λεγοντος ως φωνης βροντης ερχου και βλεπε
- 2 Mwen gade, mwen wè yon chwal blan. Moun ki te moute l' la te kenbe yon banza nan men l'. Yo ba l' yon kouwòn met sou tèt li. Li pati tankou yon moun ki fin genyen yon batay men ki soti pou l' genyen ankò.
And I saw a white horse, and he who was seated on it had a bow; and there was given to him a crown: and he went out with power to overcome.
και ειδον και ιδου ιππος λευκος και ο καθημενος επ αυτω εχων τοξον και εδοθη αυτω στεφανος και εξηλθεν νικων και ινα νικηση
- 3 ¶ Apre sa, ti Mouton an kase dezyèm sele a. Mwen tande dezyèm bèt vivan an ki t'ap di: Vini non!
And when the second stamp was undone, the voice of the second beast came to my ears, saying, Come and see.
και οτε ηνοιξεν την δευτεραν σφραγιδα ηκουσα του δευτερου ζωου λεγοντος ερχου και βλεπε
- 4 Lè sa a, yon lòt chwal koulè wouj soti. Moun ki te moute l' la resevwa pouvwa pou l' mete lagè toupatou sou latè, pou lèzòm ka yonn touye lòt. Yo ba l' yon gwo nepe kenbe nan men li.
And another horse came out, a red horse; and it was given to him who was seated on it to take peace from the earth, so that people might put one another to death: and there was given to him a great sword.
και εξηλθεν αλλος ιππος πυρρος και τω καθημενω επ αυτω εδοθη αυτω λαβειν την ειρηνην απο της γης και ινα αλληλους σφαξωσιν και εδοθη αυτω μαχαира μεγαλη
- 5 Apre sa, ti Mouton an kase twazièm sele a. Mwen tande twazièm bèt vivan an ki t'ap di: Vini non! Mwen gade, mwen wè yon chwal nwa. Moun ki te moute l' la te kenbe yon balans nan men li.
And when the third stamp was undone, the voice of the third beast came to my ears, saying, Come and see. And I saw a black horse; and he who was seated on it had scales in his hand.
και οτε ηνοιξεν την τριτην σφραγιδα ηκουσα του τριτου ζωου λεγοντος ερχου και βλεπε και ειδον και ιδου ιππος μελας και ο καθημενος επ αυτω εχων ζυγον εν τη χειρι αυτου
- 6 Mwen tande yon vwa ki soti nan mitan kat bèt vivan yo ki t'ap di: Yon mezi diri pou yon jounen travay. Twa mezi pitimi pou yon jounen travay. Men, pa manyen ni lwil la ni diven an.
And a voice came to my ears, from the middle of the four beasts, saying, A measure of grain for a penny, and three measures of barley for a penny: and see that you do no damage to the oil and the wine.
και ηκουσα φωνην εν μεσω των τεσσαρων ζωνων λεγουσαν χοινηξ σιτου δηναριου και τρεις χοινηκες κριθης δηναριου και το ελαιον και τον οινον μη αδικησης
- 7 Apre sa, ti Mouton an kase katriyèm sele a. Mwen tande katriyèm bèt vivan an ki t'ap di: Vini non!
And when the fourth stamp was undone, the voice of the fourth beast came to my ears, saying, Come and see.
και οτε ηνοιξεν την σφραγιδα την τεταρτην ηκουσα φωνην του τεταρτου ζωου λεγουσαν ερχου και βλεπε
- 8 Mwen gade, mwen wè yon chwal koulè vèt. Moun ki te moute l' la te rele lanmò. Moun ki kanpe pou kote mò yo ye a t'ap mache dèyè li. Yo ba yo pouvwa sou yon ka (1/4) latè a, pou yo touye moun ak nepe, ak grangou, ak maladi, ak bèt nan bwa ki sou latè.
And I saw a grey horse, and the name of him who was seated on it was Death; and Hell came after him. And there was given to them authority over the fourth part of the earth, to put to destruction by the sword, and by taking away their food, and by death, and by the beasts of the earth.
και ειδον και ιδου ιππος γλωρος και ο καθημενος επ αυτου ονομα αυτω ο θανατος και ο αδης ακολουθει μετ αυτου και εδοθη αυτοις εξουσια αποκτειναι επι το τεταρτον της γης εν ρομφαια και εν λιμω και εν θανατω και υπο των θηριων της γης
- 9 ¶ Apre sa, ti Mouton an kase senkièm sele a. Lè sa a, mwen wè anba lotèl la nanm tout moun yo te touye paske yo t'ap fè konnen Pawòl Bondye a, paske yo t'ap di verite a jan l' ye a.
And when the fifth stamp was undone, I saw under the altar the souls of those who had been put to death for the word of God, and for the witness which they kept.
και οτε ηνοιξεν την πεμπτην σφραγιδα ειδον υποκατω του θυσιαστηριου τας ψυχας των εσφαγμενων δια τον λογον του θεου και δια την μαρτυριαν ην ειχον
- 10 Yo t'ap rele byen fò: O Mèt, ou menm ki sen, ou menm ki verite a, konbe tan ou gen pou tann ankò anvan pou ou vini jijje moun ki rete sou latè a, pou ou vin peni yo paske yo te touye nou?
And they gave a great cry, saying, How long will it be, O Ruler, holy and true, before you take your place as judge and give punishment for our blood to those on the earth?
και εκραζον φωνη μεγαλη λεγοντες εως ποτε ο δεσποτης ο αγιος και ο αληθινος ου κρινεις και εκδικεις το αιμα ημων απο των κατοικουντων επι της γης
- 11 Yo ba yo chak yon rad blan mete sou yo. Apre sa, yo mande yo pran pasians pou yon ti tan ankò, jouk kantite frè ak kanmarad sèvis ki gen pou mouri tankou yo a fin kont.
And there was given to every one a white robe, and they were ordered to take their rest for a little time, till the number was complete of the other servants, their brothers, who would be put to death, even as they had been.
και εδοθησαν εκαστοις στολαι λευκαι και ερρηθη αυτοις ινα αναπαυσωνται επι χρονον μικρον εως ου πληρωσονται και οι συνδουλοι αυτων και οι αδελφοι αυτων οι μελλοντες αποκτεινεσθαι ως και α υτοι

- 12 Apre sa, mwen wè ti Mouton an kase sizièm sele a. Lè sa a, yon gwo tranblemanntè fèt, sòlèy la vin tou nwa, tankou yon gwo moso twal nwa byen pwès. Lalin lan menm te vin tou wouj tankou san.
And I saw when the sixth stamp was undone, and there was a great earth-shock; and the sun became black as haircloth, and all the moon became as blood;
 και ειδον οτε ηνοιξεν την σφραγιδα την εκτην και ιδου σεισμος μεγας εγενετο και ο ηλιος εγενετο μελας ως σακκος τριχινος και η σεληνη εγενετο ως αιμα
- 13 Zetwal yo menm t'ap sot nan sièl la tonbe sou latè, tankou fig frans tou vèt k'ap tonbe lè gwo van ap souke pie fig la.
And the stars of heaven were falling to the earth, like green fruit from a tree before the force of a great wind.
 και οι αστερες του ουρανου επεσαν εις την γην ως συκη βαλλει τους ολυνθους αυτης υπο μεγαλου ανεμου σειομενη
- 14 Sièl la disparèt nèt tankou yon woulo papie yo vlope. Yo rache tout mòn yo ak tout zile yo, yo mete yo yon lòt kote.
And the heaven was taken away like the roll of a book when it is rolled up; and all the mountains and islands were moved out of their places.
 και ουρανος απεχωρισθη ως βιβλιον ειλισσομενον και παν ορος και νησος εκ των τοπων αυτων εκινηθησαν
- 15 Tout wa sou latè, chèf, kòmandan, moun rich, grannèg ansanm ak tout lòt moun, kit yo esklav, kit yo lib, yo tout al kache nan twou wòch ak dèyè gwo wòch nan mòn yo.
And the kings of the earth, and the rulers, and the chief captains, and the men of wealth, and the strong, and every servant and free man, took cover in the holes and the rocks of the mountains;
 και οι βασιλεις της γης και οι μεγιστανες και οι πλουσιοι και οι χιλιαρχοι και οι δυνατοι και πας δουλος και πας ελευθερος εκρυψαν εαυτους εις τα σπηλαια και εις τας πετρας των ορεων
- 16 Yo t'ap pale ak mòn yo ansanm ak wòch yo tankou ak moun. Yo t'ap di yo: Tonbe sou nou. Kache nou pou moun ki chita sou fòtèy la pa wè nou, pou kòlè ti Mouton an pa tonbe sou nou.
And they say to the mountains and to the rocks, Come down on us, covering us from the face of him who is seated on the high seat, and from the wrath of the Lamb:
 και λεγουσιν τοις ορεσιν και ταις πετραις πεσετε εφ ημας και κρυψατε ημας απο προσωπου του καθημενου επι του θρονου και απο της οργης του αρνιου
- 17 Paske, gwo jou kòlè a rive. Ki moun ki ka kenbe tèt avèk li?
For the great day of their wrath is come, and who may keep his place?
 οτι ηλθεν η ημερα η μεγαλη της οργης αυτου και τις δυναται σταθηναι
- 1 ¶ Apre sa, mwen wè kat zanj kanpe nan kat kwen latè a. Yo t'ap kenbe kat van yo pou okenn van pa t' soufle ni sou tè, ni sou lanmè, ni sou okenn piebwa.
After this I saw four angels in their places at the four points of the earth, keeping back the four winds in their hands, so that there might be no moving of the wind on the earth, or on the sea, or on any tree.
 και μετα ταυτα ειδον τεσσαρας αγγελους εστωτας επι τας τεσσαρας γωνιας της γης κρατουντας τους τεσσαρας ανεμους της γης ινα μη πνεη ανεμος επι της γης μητε επι της θαλασσης μητε επι παν δεν δρον
- 2 Lè sa a, mwen wè yon lòt zanj ki moute soti bò kote solèy leve a. Li te gen nan men l' letanp Bondye vivan an. Li rele byen fò, li pale ak kat zanj yo ki te resewva pouwva pou ravaje tè a ak lanmè a, li di yo:
And I saw another angel coming up from the east, having the mark of the living God: and he said with a great voice to the four angels, to whom it was given to do damage to the earth and the sea,
 και ειδον αλλον αγγελον αναβαντα απο ανατολης ηλιου εχοντα σφραγιδα θεου ζωντος και εκραξεν φωνη μεγαλη τοις τεσσαρσιν αγγελοις οις εδοθη αυτοις αδικησαι την γην και την θαλασσαν
- 3 Poko fè ni tè a, ni lanmè a, ni piebwa yo okenn donmaj. Tann nou fin make sèvitè Bondye yo ak letanp lan sou fwon yo.
Do no damage to the earth, or the sea, or the trees, till we have put a mark on the servants of our God.
 λεγων μη αδικησητε την γην μητε την θαλασσαν μητε τα δενδρα αχρισ ου σφραγιζωμεν τους δουλους του θεου ημων επι των μετωπων αυτων
- 4 Apre sa, yo di m' kantite moun ki te make ak letanp Bondye a sou fwon yo. Te gen antou sankarannkatmil (144.000) nan tout branch ras pèp Izrayèl la.
And there came to my ears the number of those who had the mark on their brows, a hundred and forty-four thousand, who were marked out of every tribe of the people of Israel.
 και ηκουσα τον αριθμον των εσφραγισμενων ρμδ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ πασης φυλης υιων ισραηλ
- 5 Te gen douzmil (12.000) nan branch Jida a ki te make ak letanp lan, douzmil nan branch Woubenn lan, douzmil nan branch Gad la,
Of the tribe of Judah were marked twelve thousand: of the tribe of Reuben twelve thousand: of the tribe of Gad twelve thousand:
 εκ φυλης ιουδα ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ φυλης ρουβην ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ φυλης γαδ ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι
- 6 douzmil nan branch Asè a, douzmil nan branch Nèftali a, douzmil nan branch Manase a,
Of the tribe of Asher twelve thousand: of the tribe of Naphtali twelve thousand: of the tribe of Manasseh twelve thousand:
 εκ φυλης ασιρ ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ φυλης νεφθαλειμ ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ φυλης μανασση ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι
- 7 douzmil nan branch Simeyon an, douzmil nan branch Levi a, douzmil nan branch Isaka a,
Of the tribe of Simeon twelve thousand: of the tribe of Levi twelve thousand: of the tribe of Issachar twelve thousand:
 εκ φυλης σιμεων ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ φυλης λευι ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι εκ φυλης ισαχαρ ιβ χιλιαδες εσφραγισμενοι

- 8 douzmil nan branch Zabilon an, douzmil nan branch Jozèf la, douzmil nan branch Benjamen an.
 και εκραζον ορωντες τον καπνον της πυρωσεως αυτης λεγοντες τις ομοια τη πολει τη μεγαλη
- 19 Yo pran tè jete sou tèt yo, yo t'ap kriye, yo t'ap plenn, yo t'ap rele: Gade yon malè! Ala malè pou gwo lavil la! Tout moun ki gen bato sou lanmè te fin rich ak richès li yo. Nan yon sèl moman li pèdi tout sa l' te genyen!
And they put dust on their heads, and were sad, weeping and crying, and saying, Sorrow, sorrow for the great town, in which was increased the wealth of all who had their ships on the sea because of her great stores! for in one hour she is made waste.
 και εβαλον χουν επι τας κεφαλαι αυτων και εκραζον κλαιοντες και πενθουντες λεγοντες ουαι ουαι η πολις η μεγαλη εν η επλουτησαν παντες οι εχοντες πλοια εν τη θαλασση εκ της τιμοτητος αυτης οτι μια ωρα ηρημωθη
- 20 Ou menm, sièl la, ou mèt kontan pou sa ki rive lavil la! Nou menm pèp Bondye a, apòt yo, pwofèt yo, nou mèt kontan tou! Paske, Bondye peni li pou sa l' te fè nou.
Be glad over her, heaven, and you saints, and Apostles, and prophets; because she has been judged by God on your account.
 ευφραινου επ αυτην ουρανε και οι αγιοι αποστολοι και οι προφηται οτι εκρινεν ο θεος το κριμα υμων εξ αυτης

- 21 Lè sa a, yon zanj ki te gwonèg anpil pran yon wòch gwose yon wòl moulen, li jete l' nan lanmè a. Li di: Se konsa yo pral jete gwo lavil Babilòn lan atè ak fòs. Pesonn p'ap janm wè l' ankò.
And a strong angel took up a stone like the great stone with which grain is crushed, and sent it into the sea, saying, So, with a great fall, will Babylon, the great town, come to destruction, and will not be seen any more at all.
και ηρεν εις αγγελος ισχυρος λιθον ως μυλον μεγαν και εβαλεν εις την θαλασσαν λεγων ουτως ορμηματι βληθησεται βαβυλων η μεγαλη πολις και ου μη ευρεθη ετι
- 22 Yo p'ap janm tande mizik mizisyen ki konn jwe gita, fif ak klewon lakay ou. Yo p'ap jwenn okenn ouvriye pou fè okenn metié. Yo p'ap tande bri moulen mayi yo ankò.
And the voice of players and makers of music will never again be sounding in you: and no worker, expert in art, will ever again be living in you; and there will be no sound of the crushing of grain any more at all in you;
και φωνη καθαρωδων και μουσικων και αυλητων και σαλπιστων ου μη ακουσθη εν σοι ετι και πας τεχνιτης πασης τεχνης ου μη ευρεθη εν σοι ετι και φωνη μυλου ου μη ακουσθη εν σοι ετι
- 23 Okenn lanp p'ap janm klere lakay ou ankò. Yo p'ap janm tande vwa lemarie ak lamarye ankò. Kòmèsan ou yo, se yo ki te pi grannèg sou latè. Avèk maji ou yo, ou te wonpe tout nasyon yo.
And never again will the shining of lights be seen in you; and the voice of the newly-married man and the bride will never again be sounding in you: for your traders were the lords of the earth, and by your evil powers were all the nations turned out of the right way.
και φως λυχνου ου μη φανη εν σοι ετι και φωνη νυμφιου και νυμφης ου μη ακουσθη εν σοι ετι οτι οι εμποροι σου ησαν οι μεγαιστανες της γης οτι εν τη φαρμακεια σου επλανηθησαν παντα τα εθνη
- 24 Yo peni Babilòn, paske se la yo te jwenn san pwofèt yo ak san pèp Bondye a, ansanm ak san tout moun yo te touye sou latè.
And in her was seen the blood of prophets and of saints, and of all who have been put to death on the earth.
και εν αυτη αιμα προφητων και αγιων ευρεθη και παντων των εσφαγμενων επι της γης
- 1 ¶ Apre sa, mwen tande yon bri tankou vwa yon gwo foul moun nan sièl la ki t'ap pale byen fò. Yo t'ap di: Lwanj pou Bondye nou an! Se li menm ki delivre nou. Tout onè, tout pouvwa se pou li.
After these things there came to my ears a sound like the voice of a great band of people in heaven, saying, Praise to the Lord; salvation and glory and power be to our God:
και μετα ταυτα ηκουσα φωνην οχλου πολλου μεγαλην εν τω ουρανω λεγοντος αλληλουια η σωτηρια και η δοξα και η τιμη και η δυναμις κυριω τω θεω ημων
- 2 Li jije dapre laverite san patipri. Li kondannen gwo jennès ki t'ap pèvèti latè ak imoralite l' la. Li peni l' byen peni, paske li te mete san sèvitè Bondye yo deyò, li te touye yo.
For true and upright are his decisions; for by him has the evil woman been judged, who made the earth unclean with the sins of her body; and he has given her punishment for the blood of his servants.
οτι αληθινα και δικαια αι κρισεις αυτου οτι εκρινεν την πορνην την μεγαλην ητις εφθειρεν την γην εν τη πορνεια αυτης και εξεδικησεν το αιμα των δουλων αυτου εκ της χειρος αυτης
- 3 Yo t'ap di ankò: Lwanj pou Bondye! Paske lafimen dife k'ap boule gwo lavil la ap moute pou tout tan.
And again they said, Praise to the Lord. And her smoke went up for ever and ever.
και δευτερον ειρηκαν αλληλουια και ο καπνος αυτης αναβαινει εις τους αιωνας των αιωνων
- 4 Vennkat granmoun yo ak kat bèt vivan yo tonbe ajenou, yo adore Bondye ki te chita sou fètèy la. Yo t'ap di: Amèn. Lwanj pou Bondye nou an!
And the four and twenty rulers and the four beasts went down on their faces and gave worship to God who was seated on the high seat, saying, Even so, praise to the Lord.
και επεσαν οι πρεσβυτεροι οι εικοσι και τεσσαρες και τα τεσσαρα ζωα και προσεκυνησαν τω θεω τω καθημενω επι του θρονου λεγοντες αμην αλληλουια
- 5 ¶ Yon vwa pale bò kot fètèy la, li t'ap di: Ann fè lwanj Bondye nou an, nou tout k'ap sèvi l', nou tout ki gen krentif pou li, piti kou gran!
And a voice came from the high seat, saying, Give praise to our God, all you his servants, small and great, in whom is the fear of him.
και φωνη εκ του θρονου εξηλθεν λεγουσα αινειτε τον θεον ημων παντες οι δουλοι αυτου και οι φοβουμενοι αυτον και οι μικροι και οι μεγαλοι
- 6 Apre sa, mwen tande yon bri tankou vwa yon gwo foul moun, tankou yon gwo dlo k'ap tonbe nan yon kaskad, ou ankò tankou yon gwo kout loraj. Mwen tande yo t'ap di: Lwanj pou Bondye! Paske Mèt la, Bondye nou ki gen pouvwa a, ap gouvènen tankou yon wa.
And there came to my ears the voice of a great army, like the sound of waters, and the sound of loud thunders, saying, Praise to the Lord: for the Lord our God, Ruler of all, is King.
και ηκουσα ως φωνην οχλου πολλου και ως φωνην υδατων πολλων και ως φωνην βροντων ισχυρων λεγοντας αλληλουια οτι εβασιλευσεν κυριος ο θεος ο παντοκρατωρ
- 7 Ann fè kè nou kontan! Ann kontan anpil! Ann chante pou li! Paske, lè a rive koulye a pou fete mariaj ti Mouton an. Lamarye a pare.
Let us be glad with delight, and let us give glory to him: because the time is come for the Lamb to be married, and his wife has made herself ready.
χαρωμεν και αγαλλιωμεθα και δωμεν την δοξαν αυτω οτι ηλθεν ο γαμος του αρνιου και η γυνη αυτου ητοιμασεν εαυτην
- 8 Yo ba l' dwa abiye ak twal fen, byen klere, byen pwòp. (Twal fin an, se tout bagay pèp Bondye a te fè ki dwat devan Bondye.)
And to her it was given to be clothed in delicate linen, clean and shining: for the clean linen is the righteousness of the saints.
και εδοθη αυτη ινα περιβαληται βυσσινον καθαρον και λαμπρον το γαρ βυσσινον τα δικαιωματα εστιν των αγιων
- 9 Zanj lan di m': Ou mèt ekri: benediksyon pou tout moun ki envite nan resepsyon mariaj ti Mouton an. Apre sa li di m': Pawòl sa yo se pawòl Bondye tout bon.
And he said to me, Put in the book, Happy are the guests at the bride-feast of the Lamb. And he said to me, These are the true words of God.
και λεγει μοι γραφον μακαριοι οι εις το δειπνον του γαμου του αρνιου κεκλημενοι και λεγει μοι ουτοι οι λογοι αληθινοι εισιν του θεου

- 10 Mwen lage kò m' atè pou m' adore li. Men, li di m': Non, pa fè sa. Se sèvi m'ap sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout frè ou yo ki kenbe pawòl Jezi a byen fèm. Se Bondye pou ou adore. Pawòl Jezi a, se li menm ki nan bouch pwofèt yo.
 And I went on my face before his feet to give him worship. And he said to me, See you do it not: I am a brother-servant with you and with your brothers who keep the witness of Jesus: give worship to God: for the witness of Jesus is the spirit of the prophet's word.
 και επεσον εμπροσθεν των ποδων αυτου προσκυνησαι αυτω και λεγει μοι ορα μη συνδουλος σου ειμι και των αδελφων σου των εχοντων την μαρτυριαν του ιησου τω θεω προσκυνησον η γαρ μαρτυρι α του ιησου εστιν το πνευμα της προφητειας
- 11 ¶ Apre sa, mwen wè sièl la louvri, epi o! yon chwal blan parèt. Yo te rele moun ki sou li a: Nonm serie ki pa nan bay manti. L'ap jije, l'ap mennen batay la jan sa dwe fèt.
 And the heaven was open; and I saw a white horse, and he who was seated on it was named Certain and True; and he is judging and making war in righteousness.
 και ειδον τον ουρανον ανεωγμενον και ιδου ιππος λευκος και ο καθημενος επ αυτον καλουμενος πιστος και αληθινος και εν δικαιοσυνη κρινει και πολεμει
- 12 Je l' yo klere tankou flanm dife. Li te gen yon bann kouwòn sou tèt li. Li te gen yon non ekri. Se li menm sèl ki te konnen non sa a, pesonn dèt pa t' konnen li.
 And his eyes are a flame of fire, and crowns are on his head; and he has a name in writing, of which no man has knowledge but himself.
 οι δε οφθαλμοι αυτου ως φλοξ πυρος και επι την κεφαλην αυτου διαδηματα πολλα εχων ονομα γεγραμμενον ο ουδεις οιδεν ει μη αυτος
- 13 Li te gen yon rad benyen nan san. Yo rele l' pawòl Bondye.
 And he is clothed in a robe washed with blood: and his name is The Word of God.
 και περιβεβλημενος ιματιον βεβαμμενον αιματι και καλειται το ονομα αυτου ο λογος του θεου
- 14 Lame ki nan sièl la t'ap swiv li. Yo tout te moute sou chwal blan, yo te abiye ak bèl rad twal fen, byen klere, byen pwòp.
 And the armies which are in heaven went after him on white horses, clothed in delicate linen, white and clean.
 και τα στρατευματα εν τω ουρανω ηκολουθει αυτω εφ ιπποις λευκοις ενδεδυμενοι βυσσινον λευκον και καθαρον
- 15 Yon nepe byen file t'ap sot nan bouch kavalie a. Se ak nepe sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li t'ap kraze rezen yo nan moulen diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pounwa a.
 And out of his mouth comes a sharp sword, with which he overcomes the nations: and he has rule over them with a rod of iron: and he is crushing with his feet the grapes of the strong wrath of God the Ruler of all.
 και εκ του στοματος αυτου εκπορευεται ρομφαια οξεια ινα εν αυτη πατασση τα εθνη και αυτος ποιμανει αυτους εν ραβδω σιδηρα και αυτος πατει την ληνον του οινου του θυμου και της οργης του θεου του παντοκρατορος
- 16 Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo.
 And on his robe and on his leg is a name, KING OF KINGS, AND LORD OF LORDS.
 και χει επι το ιματιον και επι τον μηρον αυτου το ονομα γεγραμμενον βασιλευς βασιλεων και κυριος κυριων
- 17 Apre sa, mwen wè yon zanjan kanpe nan solèy la. Li t'ap pale ak tout zwezo k'ap vole nan sièl la, li t'ap di yo byen fò: Vini. Nou tout, sanble pou gwo manje resepsyon Bondye a.
 And I saw an angel taking his place in the sun; and he was crying with a loud voice, saying to all the birds in flight in the heavens, Come together to the great feast of God;
 και ειδον ενα αγγελον εστωτα εν τω ηλιω και εκραξεν φωνη μεγαλη λεγων πασιν τοις ορνειοις τοις πετωμενοις εν μεσουρανηματι δευτε και συναγεσθε εις το δειπνον του μεγαλου θεου
- 18 vin manje viann wa yo ak viann jeneral yo, viann sòlda yo, viann chwal yo ansanm ak viann kavalie yo, viann tout moun, esklav kou lib, piti kou gran.
 So that you may take for your food the flesh of kings, and of captains, and of strong men, and of horses and of those who are seated on them, and the flesh of all men, free and unfree, small and great.
 ινα φαγητε σαρκας βασιλεων και σαρκας χιλιαρχων και σαρκας ισχυρων και σαρκας ιπων και των καθημενων επ αυτων και σαρκας παντων ελευθερων και δουλων και μικρων και μεγαλων
- 19 Apre sa, mwen wè bèt la ansanm ak wa latè yo ak tout lame pa yo. Yo te sanble pou yo te ka goumen kont moun ki te moute sou chwal la ak tout lame pa l' la.
 And I saw the beast, and the kings of the earth, and their armies, come together to make war against him who was seated on the horse and against his army.
 και ειδον το θηριον και τους βασιλεις της γης και τα στρατευματα αυτων συνηγμενα ποιησαι πολεμον μετα του καθημενου επι του ιππου και μετα του στρατευματος αυτου
- 20 Yo fè bèt la prizonie ansanm ak fo pwofèt ki te fè anpil mirak devan l' lan. Se avèk mirak sa yo li te rive twonpe moun ki te resevwa mak bèt la, ki t'ap adore estati l' la. Yo jete bèt la ak fo pwofèt la tou vivan nan gwo letan dife kote y'ap boule souf la.
 And the beast was taken, and with him the false prophet who did the signs before him, by which they were turned from the true way who had the mark of the beast, and who gave worship to his image: these two were put living into the sea of ever-burning fire.
 και επιασθη το θηριον και μετα τουτου ο ψευδοπροφητης ο ποιησας τα σημεια ενωπιον αυτου εν οις επλανησεν τους λαβοντας το χαραγμα του θηριου και τους προσκυνουντας τη εικονι αυτου ζωντες εβληθησαν οι δυο εις την λιμνην του πυρος την καιομενην εν τω θειω

- 21 Nepe ki t'ap soti nan bouch moun ki te moute sou chwal la te touye tout lòt yo. Tout zwezo yo te manje viann plen vant yo.
 And the rest were put to death with the sword of him who was on the horse, even the sword which came out of his mouth: and all the birds were made full with their flesh.
 και οι λοιποι απεκτανθησαν εν τη ρομφαια του καθημενου επι του ιππου τη εκπορευομενη εκ του στοματος αυτου και παντα τα ορνεα εχορτασθησαν εκ των σαρκων αυτων
- 1 ¶ Apre sa, mwen wè yon zanj desann soti nan sièl la. Li te kenbe kle gwo twou san fon an nan men l' ansanm ak yon gwo chenn.
 And I saw an angel coming down out of heaven, having the key of the great deep and a great chain in his hand.
 και ειδον αγγελον καταβαινοντα εκ του ουρανου εχοντα την κλειδα της αβυσσου και αλυσιν μεγαλην επι την χειρα αυτου
- 2 Li pran dragon an, sèpan ki la depi lontan an, sa yo rele diab la, osinon Satan, li mete l' nan chenn pou mil (1.000) an.
 And he took the dragon, the old snake, which is the Evil One and Satan, and put chains on him for a thousand years,
 και εκρατησεν τον δρακοντα τον οφιν τον αρχαιον ος εστιν διαβολος και σατανας και εδησεν αυτον χιλια ετη
- 3 Zanj lan voye l' jete nan gwo twou san fon an, li fèmen twou a akle, epi li poze sele sou li. Konsa, dragon an p'ap kapab pran tèt nasyon yo toutotan mil (1.000) lanne pa fin pase. Apre sa, yo gen pou yo lage l' ankò pou yon ti tan.
 And put him into the great deep, and it was shut and locked over him, so that he might put the nations in error no longer, till the thousand years were ended: after this he will be let loose for a little time.
 και εβαλεν αυτον εις την αβυσσον και εκλεισεν αυτον και εσφραγισεν επανω αυτου ινα μη πλανηση τα εθνη ετι αχρι τελεσθη τα χιλια ετη και μετα ταυτα δει αυτον λυθηναι μικρον χρονον
- 4 Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun ki te chita sou fòtèy yo te resewva pouwva rann jijman. Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore ni bèt la, ni estati l' la. Yo pa t' resewva mak bèt la sou fwon yo ni sou men yo. Yo leve soti vivan nan lanmò. Y'ap gouvènè avèk Kris la pandan mil (1.000) an.
 And I saw high seats, and they were seated on them, and the right of judging was given to them: and I saw the souls of those who were put to death for the witness of Jesus, and for the word of God, and those who did not give worship to the beast, or to his image, and had not his mark on their brows or on their hands; and they were living and ruling with Christ a thousand years.
 και ειδον θρονους και εκαθισαν επ αυτους και κριμα εδοθη αυτοις και τας ψυχας των πεπελεκισμενων δια την μαρτυριαν ιησου και δια τον λογον του θεου και οιτινες ου προσεκυνησαν τω θηριω ουτ ε την εικονα αυτου και ουκ ελαβον το χαραγμα επι το μετωπον αυτων και επι την χειρα αυτων και εζησαν και εβασιλευσαν μετα χριστου τα χιλια ετη
- 5 (Lòt mò yo pa t' leve soti vivan nan lanmò toutotan mil (1.000) an pa pase.) Se sa yo rele premie leve vivan soti nan lanmò a.
 The rest of the dead did not come to life again till the thousand years were ended. This is the first coming back from the dead.
 οι δε λοιποι των νεκρων ουκ ανεζησαν εως τελεσθη τα χιλια ετη αυτη η αναστασις η πρωτη
- 6 Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premie leve vivan soti nan lanmò sa a! Yo se moun Bondye vre. Dezyèm lanmò a p'ap gen pouwva sou yo. Yo pral sèvi Bondye ak Kris la tankou prèt. Yo pral gouvènè avè l' pandan mil (1.000) lanne.
 Happy and holy is he who has a part in this first coming: over these the second death has no authority, but they will be priests of God and of Christ, and will be ruling with him a thousand years.
 μακαριος και αγιος ο εχων μερος εν τη αναστασει τη πρωτη επι τούτων ο θανατος ο δευτερος ουκ εχει εξουσιαν αλλ εσονται ιερεις του θεου και του χριστου και βασιλευσουσιν μετ αυτου χιλια ετη
- 7 Lè mil (1.000) lanne yo va fin pase, y'a lage Satan soti nan prizon an.
 And when the thousand years are ended, Satan will be let loose out of his prison,
 και οταν τελεσθη τα χιλια ετη λυθησεται ο σατανας εκ της φυλακης αυτου
- 8 Lè sa a, la mache twonpe tout nasyon toupatou sou latè, Gòg ak Magòg. La sanble yo pou l' ka mennen yo goumen. Y'ap anpil anpil, tankou grenn sab bò lanmè.
 And will go out to put in error the nations which are in the four quarters of the earth, Gog and Magog, to get them together to the war, the number of whom is like the sands of the sea.
 και εξελευσεται πλανησαι τα εθνη τα εν ταις τεσσαρσιν γωνιαις της γης τον γωγ και τον μαγωγ συναγαγειν αυτους εις πολεμον ων ο αριθμος ως η αμμος της θαλασσης
- 9 Yo mache sou tout latè, yo sènen kote pèp Bondye a te ye a, lavil Bondye renmen an. Men, dife desann soti nan sièl la, li disparèt yo.
 And they went up over the face of the earth, and made a circle about the tents of the saints, and the well loved town: and fire came down out of heaven for their destruction.
 και ανεβησαν επι το πλατος της γης και εκυκλωσαν την παρεμβολην των αγιων και την πολιν την ηγαπημενην και κατεβη πυρ απο του θεου εκ του ουρανου και κατεφαγεν αυτους
- 10 Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l' nan lètan dife ak souf la, menm kote yo te deja jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lannwit pou tout tan.
 And the Evil One who put them in error was sent down into the sea of ever-burning fire, where the beast and the false prophet are, and their punishment will go on day and night for ever and ever.
 και ο διαβολος ο πλανων αυτους εβληθη εις την λιμνην του πυρος και θειου οπου το θηριον και ο ψευδοπροφητης και βασανισθησονται ημερας και νυκτος εις τους αιωνας των αιωνων
- 11 ¶ Apre sa, mwen wè yon gwo fòtèy blan ak moun ki te chita sou li a. Sièl la ak tè a pran kouri devan l', yo disparèt nèt ale.
 And I saw a great white seat, and him who was seated on it, before whose face the earth and the heaven went in flight; and there was no place for them.
 και ειδον θρονον λευκον μεγαν και τον καθημενον επ αυτου ου απο προσωπου εφυγεν η γη και ο ουρανος και τοπος ουχ ευρεθη αυτοις

- 12 Apre sa, mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Apre sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan liv yo.
And I saw the dead, great and small, taking their places before the high seat; and the books were open, and another book was open, which is the book of life; and the dead were judged by the things which were in the books, and by their works.
 και ειδον τους νεκρους μικρους και μεγαλους εστωτας ενωπιον του θεου και βιβλια ηνεωχθησαν και βιβλιον αλλο ηνεωχθη ο εστιν της ζωης και εκριθησαν οι νεκροι εκ των γεγραμμενων εν τοις βιβλι οις κατα τα εργα αυτων
- 13 Lanmè a renmèt tout moun mouri ki te nan fon li. Lanmò ak kote mò yo ye a renmèt tout mò ki te nan men yo. Yo jije tout mò sa yo dapre sa yo te fè.
And the sea gave up the dead which were in it; and death and Hell gave up the dead which were in them; and they were judged every man by his works.
 και εδοκεν η θαλασσα τους εν αυτη νεκρους και ο θανατος και ο αδης εδοκαν τους εν αυτοις νεκρους και εκριθησαν εκαστος κατα τα εργα αυτων
- 14 Apre sa, yo jete lanmò ansanm ak kote mò yo ye a nan letan dife a. (Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmò a).
And death and Hell were put into the sea of fire. This is the second death, even the sea of fire.
 και ο θανατος και ο αδης εβληθησαν εις την λιμνην του πυρος ουτος εστιν ο δευτερος θανατος
- 15 Tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou.
And if anyone's name was not in the book of life, he went down into the sea of fire.
 και ει τις ουχ ευρεθη εν τη βιβλω της ζωης γεγραμμενος εβληθη εις την λιμνην του πυρος
- 1 ¶ Apre sa, mwen wè yon lòt sièl ak yon lòt latè. Premie sièl la ak premie latè a te disparèt. pa t' gen okenn lanmè ankò.
And I saw a new heaven and a new earth: for the first heaven and the first earth were gone; and there was no more sea.
 και ειδον ουρανον καινον και γην καινην ο γαρ πρωτος ουρανος και η πρωτη γη παρηλθεν και η θαλασσα ουκ εστιν ετι
- 2 Apre sa, mwen wè lavil Bondye a, lòt Jerizalèm nèf lan, ki t'ap desann soti bò kot Bondye ye nan sièl la. Li te byen abiye, li te pare tankou yon lamarye ki pral kontre fiyanse li.
And I saw the holy town, new Jerusalem, coming down out of heaven from God, like a bride made beautiful for her husband.
 και εγω ιωαννης ειδον την πολιν την αγιαν ιερουσαλημ καινην καταβαινουσαν απο του θεου εκ του ουρανου ητοιμασμενην ως νυμφην κεκοσμημενην τω ανδρι αυτης
- 3 Mwen tande yon vwa ki t'ap soti bò fòtèy la, li t'ap di byen fò: Koulye a, kay Bondye a se nan mitan moun l'ap ye. L'ap rete nan mitan yo, lèzòm ap yon pèp pou li. Se Bondye menm k'ap viv avèk yo, li va Bondye pou yo.
And there came to my ears a great voice out of the high seat, saying, See, the Tent of God is with men, and he will make his living-place with them, and they will be his people, and God himself will be with them, and be their God.
 και ηκουσα φωνης μεγαλης εκ του ουρανου λεγουσης ιδου η σκηνη του θεου μετα των ανθρωπων και σκηνωσει μετ αυτων και αυτοι λαοι αυτου εσονται και αυτος ο θεος εσται μετ αυτων θεος αυτων
- 4 Li gen pou l' cheche tout dlo nan je yo. p'ap gen lanmò ankò, yo p'ap nan lapenn ankò, yo p'ap janm plenyen ankò, yo p'ap janm soufri ankò. Tout vie bagay sa yo pral disparèt.
And he will put an end to all their weeping; and there will be no more death, or sorrow, or crying, or pain; for the first things have come to an end.
 και εξαλειψει ο θεος παν δακρυον απο των οφθαλμων αυτων και ο θανατος ουκ εσται ετι ουτε πενθος ουτε κραυγη ουτε πονος ουκ εσται ετι οτι τα πρωτα απηλθον
- 5 Lè sa a, moun ki te chita sou fòtèy la di: Koulye a, mwen fè tout bagay vin nèf. Apre sa li di mwen: Ou mèt ekri sa, paske pawòl mwen se pawòl ki vre, pawòl tout moun dwe kwè.
And he who is seated on the high seat said, See, I make all things new. And he said, Put it in the book; for these words are certain and true.
 και ειπεν ο καθημενος επι του θρονου ιδου καινα παντα ποιω και λεγει μοι γραψον οτι ουτοι οι λογοι αληθινοι και πιστοι εισιν
- 6 Apre sa li di ankò: Bon. Tout bagay fin fèt. Mwen se A ak Z, mwen se konmansman, mwen se finisman. Si yon moun swaf dlo, m'a ba li bwè dlo gratis nan sous dlo ki bay lavi a.
And he said to me, It is done. I am the First and the Last, the start and the end. I will freely give of the fountain of the water of life to him who is in need.
 και ειπεν μοι γεγονεν εγω ειμι το α και το ω η αρχη και το τελος εγω τω διψωντι δωσω εκ της πηγης του υδατος της ζωης δωρεαν
- 7 Se sa moun ki va genyen batay la va resewva nan men m'. M'a va Bondye yo, y'a va pitit mwen.
He who overcomes will have these things for his heritage; and I will be his God, and he will be my son.
 ο νικων κληρονομησει παντα και εσομαι αυτω θεος και αυτος εσται μοι ο υιος
- 8 Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò a.
But those who are full of fear and without faith, the unclean and takers of life, those who do the sins of the flesh, and those who make use of evil powers or who give worship to images, and all those who are false, will have their part in the sea of ever-burning fire which is the second death.
 δειλοις δε και απιστοις και εβδελυγμενοις και φονευσιν και πορνοις και φαρμακευσιν και ειδωλολατραις και πασιν τοις ψευδεσιν το μερος αυτων εν τη λιμνη τη καιομενη πυρι και θειω ο εστιν δευτε ρος θανατος

- 9 ¶ Yonn nan sèt zanj ki te kenbe sèt gode plen ak sèt dènye kalamite yo vin di mwen: Vini non. Mwen pral moutre ou lamarye a, fiyanse ti Mouton an.
And one of the seven angels who had the seven vessels in which were the seven last punishments, came and said to me, Come here, and see the bride, the Lamb's wife.
 και ηλθεν προς με εις των επτα αγγελων των εχοντων τας επτα φιαλας τας γεμουσας των επτα πληγων των εσχατων και ελαλησεν μετ εμου λεγων δευρο δειξω σοι την νυμφην του αρνιου την γυναικα
- 10 Nan vizyon an, mwen wè zanj lan mennen m' sou tèt yon mòn byen wo. Li moutre m' lavil Bondye a, Jerizalèm ki desann soti bò kote Bondye ye nan sièl la.
And he took me away in the Spirit to a great and high mountain, and let me see the holy town Jerusalem, coming down out of heaven from God,
 και απηνεγκεν με εν πνευματι επ ορος μεγα και υψηλον και εδειξεν μοι την πολιν την μεγαλην την αγιαν ιερουσαλημ καταβαινουσαν εκ του ουρανου απο του θεου
- 11 Li te klere byen bèl ak limiè prezans Bondye a. Lavil la te klere tankou yon piè bijou ki koute chè anpil, tankou yon piè jasp klè kou kristal.
Having the glory of God: and her light was like a stone of great price, a jasper stone, clear as glass:
 εχουσαν την δοξαν του θεου και ο φωστηρ αυτης ομοιος λιθω τιμιωτατω ως λιθω ιασπιδι κρυσταλλιζοντι
- 12 Li te gen yon gwo miray byen wo avèk douz pòtay. Te gen yon zanj nan chak pòtay pou veye yo. Sou pòtay yo, yo te ekri non douz branch fanmi pèp Izrayèl la.
She had a wall great and high, with twelve doors, and at the doors twelve angels; and names on them, which are the names of the twelve tribes of the children of Israel.
 εχουσαν τε τειχος μεγα και υψηλον εχουσαν πυλωνας δωδεκα και επι τοις πυλωσιν αγγελους δωδεκα και ονοματα επιγεγραμμενα α εστιν των δωδεκα φυλων των υιων ισραηλ
- 13 Te gen twa pòtay sou chak kote: twa pòtay sou bò lès, twa pòtay sou bò nò, twa pòtay sou bò sid, twa pòtay sou bò lwès.
And on the east were three doors; and on the north three doors; and on the south three doors; and on the west three doors.
 απ ανατολης πυλωνες τρεις απο βορρα πυλωνες τρεις απο νοτου πυλωνες τρεις απο δυσμων πυλωνες τρεις
- 14 Miray la te kanpe sou douz gwo wòch. Yo te ekri non douz apòt ti Mouton an sou wòch yo.
And the wall of the town had twelve bases, and on them the twelve names of the twelve Apostles of the Lamb.
 και το τειχος της πολεως εχον θεμελιους δωδεκα και εν αυτοις ονοματα των δωδεκα αποστολων του αρνιου
- 15 Zanj ki t'ap pale avè m' lan te gen yon baton pou mezire nan men li, yon baton wozo fèt an lò, pou l' te pran mezi lavil la, mezi pòtay yo ak mezi miray la.
And he who was talking with me had a gold measuring-rod to take the measure of the town, and of its doors, and its wall.
 και ο λαλων μετ εμου ειχεν καλαμον χρυσουν ινα μετρηση την πολιν και τους πυλωνας αυτης και το τειχος αυτης
- 16 Lavil la te tankou yon bwat kare, longè l' te menm ak lajè li. Zanj lan mezire lavil la ak baton wozo l' la. Lavil la gen demildesan (2.200) kilomèt longè. Lajè l' ak wotè l' te menm ak longè li.
And the town is square, as wide as it is long; and he took the measure of the town with the rod, one thousand and five hundred miles: it is equally long and wide and high.
 και η πολις τετραγωνος κειται και το μηκος αυτης τοσουτον εστιν οσον και το πλατος και εμετρησεν την πολιν τω καλαμω επι σταδιων δωδεκα χιλιαδων το μηκος και το πλατος και το υψος αυτης ισ α εστιν
- 17 Zanj lan mezire miray la: miray la te gen swasann douz (72) mèt sou wotè, dapre mezi òdenè li t'ap sèvi a.
And he took the measure of its wall, one hundred and forty-four cubits, after the measure of a man, that is, of an angel.
 και εμετρησεν το τειχος αυτης εκατον τεσσαρακοντα τεσσαρων πηγων μετρον ανθρωπου ο εστιν αγγελου
- 18 Miray la te bati an jasp. Lavil la menm te an bon lò, li te klere kou kristal.
And the building of its wall was of jasper, and the town was clear gold, clear as glass.
 και ην η ενδομησις του τειχους αυτης ιασπις και η πολις χρυσιον καθαρον ομοια υαλω καθαρω
- 19 Gwo wòch fondasyon miray lavil la te byen òne ak tout kalite piè bijou gwo pri. Premie wòch la te an jasp, dezyèm lan an safi, twazièm lan an agat, katriyèm lan an emwòd,
The bases of the wall of the town had ornaments of all sorts of beautiful stones. The first base was jasper; the second, sapphire; the third, chalcedony; the fourth, emerald;
 και οι θεμελιοι του τειχους της πολεως παντι λιθω τιμω κεκοσμημενοι ο θεμελιος ο πρωτος ιασπις ο δευτερος σαπφειρος ο τριτος χαλκηδων ο τεταρτος σμαραγδος
- 20 senkièm lan an oniks, sizièm lan an sadwan, setièm lan an krizolit, witièm lan an beril, nevièm lan an topaz, diziyèm lan an krizopraz, onzièm lan an tikwaz, douzyèm lan an ametis.
The fifth, sardonyx; the sixth, sardius; the seventh, chrysolite; the eighth, beryl; the ninth, topaz; the tenth, chrysoprase; the eleventh, jacinth; the twelfth, amethyst.
 ο πεμπτος σαρδονυξ ο εκτος σαρδιος ο εβδομος χρυσολιθος ο ογδοος βηρυλλος ο ενατος τοπαζιον ο δεκατος χρυσοπρασος ο ενδεκατος υακινθος ο δωδεκατος αμεθυστος
- 21 Douz pòtay yo te douz bèl grenn pèl. Chak pòtay yo te fèt ak yon sèl grenn pèl. Tout lari nan lavil la te fèt an bon lò, klè kou kristal.
And the twelve doors were twelve pearls; every door was made of one pearl; and the street of the town was clear gold, as clear as glass.
 και οι δωδεκα πυλωνες δωδεκα μαργαριται ανα εις εκαστος των πυλωνων ην εξ ενος μαργαριτου και η πλατεια της πολεως χρυσιον καθαρον ως υαλος διαφανης
- 22 Mwen pa t' wè tanp nan lavil la, paske Mèt la, Bondye ki gen tout pouvwa a, te tanp li ansanm ak ti Mouton an.
And I saw no Temple there; because the Lord God, the Ruler of all, and the Lamb are its Temple.
 και ναον ουκ ειδον εν αυτη ο γαρ κυριος ο θεος ο παντοκρατωρ ναος αυτης εστιν και το αρνιον

- 23 Laval la pa t' bezwen ni solèy, ni lalin pou klere l' paske limiè prezans Bondye a te klere l' nèt, ti Mouton an te tankou yon lanp pou li.
 And the town has no need of the sun, or of the moon, to give it light: for the glory of God did make it light, and the light of it is the Lamb.
 και η πόλις ου χρειαν εχει του ηλιου ουδε της σεληνης ινα φαινωσιν εν αυτη η γαρ δοξα του θεου εφωτισεν αυτην και ο λυχνος αυτης το αρνιον
- 24 Gremesi limiè l' la, tout nasyon ki sou latè va wè pou yo mache. Tout wa latè yo va pote richès yo ba li.
 And the nations will go in its light: and the kings of the earth will take their glory into it.
 και τα εθνη των σωζομενων εν τω φωτι αυτης περιπατησουσιν και οι βασιλεις της γης φερουσιν την δοξαν και την τιμην αυτων εις αυτην
- 25 Pòtay yo va rete louvri tout lajounen. Men, paske la p'ap janm fè nwit, pòtay yo p'ap janm fèmen.
 And the doors of it will never be shut by day (for there is no night there):
 και οι πυλωνες αυτης ου μη κλεισθωσιν ημερας νυξ γαρ ουκ εσται εκει
- 26 Tout richès nasyon yo ansanm ak tout bèl bagay yo genyen va anpile nan laval la.
 And the glory and honour of the nations will come into it:
 και οι σουσιν την δοξαν και την τιμην των εθνων εις αυτην
- 27 Men, anyen ki pa bon pou sèvis Bondye p'ap antre nan laval la. Ni yo p'ap kite moun k'ap fè bagay ki bay degoutans, moun k'ap bay manti, mete pie yo nan laval la. Moun ki va antre nan laval la, se sèlman moun ki gen non yo ekri nan liv ki nan men ti Mouton an, liv ki gen non moun ki gen lavi a.
 And nothing unclean may come into it, or anyone whose works are cursed or false; but only those whose names are in the Lamb's book of life.
 και ου μη εισελθη εις αυτην παν κοινουν και ποιουν βδελυγμα και ψευδος ει μη οι γεγραμμενοι εν τω βιβλιω της ζωης του αρνιου
- 1 ¶ Apre sa, zanj lan moutre m' yon gwo larivyè dlo ki t'ap koule soti anba fòtèy kote Bondye ak ti Mouton an te chita a. Se dlo sa a ki bay lavi.
 And I saw a river of water of life, clear as glass, coming out of the high seat of God and of the Lamb,
 και εδειξεν μοι καθαρον ποταμον υδατος ζωης λαμπρον ως κρυσταλλον εκπορευομενον εκ του θρονου του θεου και του αρνιου
- 2 Li t'ap koule nan mitan granri laval la. Sou de bò riviè a, te gen piebwa ki bay lavi a. Li donnen douz fwa nan lanne. Li donnen chak mwa. Se ak fèy li yo yo fè renmèd pou geri nasyon yo.
 In the middle of its street. And on this side of the river and on that was the tree of life, having twelve sorts of fruits, giving its fruit every month; and the leaves of the tree give life to the nations.
 εν μεσω της πλατειας αυτης και του ποταμου εντευθεν και εντευθεν ξυλον ζωης ποιουν καρπους δωδεκα κατα μην α ενα εκαστον αποδιδουν τον καρπον αυτου και τα φυλλα του ξυλου εις θεραπειαν των εθνων
- 3 p'ap gen anyen nan laval la k'ap tonbe anba madichon Bondye. Fòtèy Bondye ak ti Mouton an va nan mitan laval la. Tout sèvitè yo va adore li.
 And there will be no more curse: and the high seat of God and of the Lamb will be there; and his servants will be worshipping him;
 και παν καταναθεμα ουκ εσται ετι και ο θρονος του θεου και του αρνιου εν αυτη εσται και οι δουλοι αυτου λατρευσουσιν αυτω
- 4 Y'a parèt devan l'. Y'a gen non l' make sou fwon yo.
 And they will see his face; and his name will be on their brows.
 και οψονται το προσωπον αυτου και το ονομα αυτου επι των μετωπων αυτων
- 5 p'ap janm fè nwit ankò. Moun yo p'ap bezwen ni limiè lanp ni limiè solèy, paske Mèt la, Bondye, va klere yo, li va yon limiè pou yo. Lè sa a y'a gouvènen pou tout tan.
 And there will be no more night; and they have no need of a light or of the shining of the sun; for the Lord God will give them light: and they will be ruling for ever and ever.
 και νυξ ουκ εσται εκει και χρειαν ουκ εχουσιν λυχνον και φωτος ηλιου οτι κυριος ο θεος φωτιζει αυτους και βασιλευσουσιν εις τους αιωνας των αιωνων
- 6 ¶ Apre sa, zanj lan di mwen: Pawòl sa yo se verite. Tout moun dwe kwè yo. Bondye Mèt la, li menm ki mete pawòl li nan bouch pwofèt yo, se li menm ki voye zanj li a vin moutre sèvitè l' yo sa ki pral rive anvan lontan.
 And he said to me, These words are certain and true: and the Lord, the God of the spirits of the prophets, sent his angel to make clear to his servants the things which are now to come about.
 και ειπεν μοι ουτοι οι λογοι πιστοι και αληθινοι και κυριος ο θεος των αγιων προφητων απεστειλεν τον αγγελον αυτου δειξαι τοις δουλοις αυτου α δει γενεσθαι εν ταχει
- 7 Jezi di: Koute, m'ap vini talè konsa. Benediksyon pou moun ki koute pawòl Bondye ki nan liv sa a.
 See, I come quickly. A blessing on him who keeps the words of this book of the prophet.
 ιδου ερχομαι ταχυ μακαριος ο τηρων τους λογους της προφητειας του βιβλιου τουτου
- 8 Mwen menm Jan, mwen tande bagay sa yo, mwen wè yo. Apre mwen fin tande yo, apre mwen fin wè yo, mwen tonbe ajenou nan pie zanj ki te fè m' wè yo a pou m' adore li.
 And I, John, am he who saw these things and to whose ears they came. And when I had seen and given ear, I went down on my face to give worship at the feet of the angel who made these things clear to me.
 και εγω ιωαννης ο βλέπων ταυτα και ακουων και οτε ηκουσα και εβλεψα επεσα προσκυνησαι εμπροσθεν των ποδων του αγγελου του δεικνυοντος μοι ταυτα

- 9 Men, li di mwen: Non pa fè sa. Se sèvi m'ap sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout frè ou yo ki pwofèt Bondye, ansanm ak tout moun k'ap obeyi pawòl ki nan liv sa a. Se Bondye pou ou adore.
And he said to me, See you do it not; I am a brother-servant with you and with your brothers the prophets, and with those who keep the words of this book: give worship to God.
 και λεγει μοι ορα μη συνδουλος σου γαρ ειμι και των αδελφων σου των προφητων και των τηρουντων τους λογους του βιβλιου τουτου τω θεω προσκυνησον
- 10 Apre sa, li di mwen: Pa sere pawòl Bondye ki nan liv sa a. Paske, anvan lontan tout bagay sa yo pral rive.
And he said to me, Let not the words of this prophet's book be kept secret, because the time is near.
 και λεγει μοι μη σφραγισης τους λογους της προφητειας του βιβλιου τουτου οτι ο καιρος εγγυς εστιν
- 11 Mechan yo mèt plede ap fè toujou sa ki mal. Moun ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye yo mèt kontinye fè sa ki pa dakò ak sèvis Bondye. Moun ki bon yo mèt kontinye fè sa ki byen. Moun k'ap viv pou Bondye yo mèt kontinye viv pou Bondye.
Let the evil man go on in his evil: and let the unclean be still unclean: and let the upright go on in his righteousness: and let the holy be holy still.
 ο αδικων αδικησατω ετι και ο ρυπων ρυπωσατω ετι και ο δικαιος δικαιοθητω ετι και ο αγιος αγιασθητω ετι
- 12 Jezi di: Kouste, m'ap vin talè konsa. M'ap pote rekonpans m'ap bay la avè m', pou m' bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.
See, I come quickly; and my reward is with me, to give to every man the outcome of his works.
 και ιδου ερχομαι ταχυ και ο μισθος μου μετ εμου αποδουναι εκαστω ως το εργον αυτου εσται
- 13 Se mwen menm ki A ak Z, se mwen menm ki premie ak dènve, se mwen menm ki konmansman ak finisman.
I am the First and the Last, the start and the end.
 εγω ειμι το α και το ω αρχη και τελος ο πρωτος και ο εσχατος
- 14 Benediksyon pou moun ki lave rad yo, pou yo sa gen dwa manje fwi piebwa ki bay lavi a, pou yo ka pase antre nan pòtay lavil la.
A blessing on those whose robes are washed, so that they may have a right to the tree of life, and may go in by the doors into the town.
 μακαριοι οι ποιουντες τας εντολας αυτου ινα εσται η εξουσια αυτων επι το ξυλον της ζωης και τοις πυλωσιν εισελθωσιν εις την πολιν
- 15 Men, mete nou deyò, bann chen, nou menm moun k'ap fè maji, moun k'ap fè imoralite, ansasen, moun k'ap sèvi zidòl, ansanm ak tout moun ki pa renmen verite a men ki pito bay manti.
Outside are the dogs, and those who make use of evil powers, those who make themselves unclean, and the takers of life, and those who give worship to images, and everyone whose delight is in what is false.
 εξω δε οι κυνες και οι φαρμακοι και οι πορνοι και οι φονεις και οι ειδωλολατραι και πας ο φιλων και ποιων ψευδος
- 16 Mwen menm Jezi, mwen voye zanj mwen an pou anonse nou bagay sa yo nan legliz yo. Mwen soti nan ras David. Mwen se bèl zetwal k'ap klere chak maten an.
I, Jesus, have sent my angel to give witness to you of these things in the churches. I am the root and the offspring of David, the bright and morning star.
 εγω ιησους επεμψα τον αγγελον μου μαρτυρησαι υμιν ταυτα επι ταις εκκλησιας εγω ειμι η ριζα και το γενος του δαβιδ ο αστηρ ο λαμπρος και ορθρινος
- 17 Lespri Bondye a ansanm ak lamarye a di: Vini non. Se pou tout moun ki tande sa di tou: Vini non. Se pou tout moun ki swaf dlo vin bwè dlo. Se pou tout moun ki vle ti gout nan dlo ki bay lavi a vin resevwa l' gratis.
And the Spirit and the bride say, Come. And let him who gives ear, say, Come. And let him who is in need come; and let everyone desiring it take of the water of life freely.
 και το πνευμα και η νυμφη λεγουσιν ελθε και ο ακουων ειπατω ελθε και ο διψων ελθετω και ο θελων λαμβανετω το υδωρ ζωης δωρεαν
- 18 Mwen menm Jan, men sa m'ap di tout moun ki tande pawòl Bondye ki nan liv sa a. Si yon moun mete nan pawòl sa yo anyen ki pa t' ladan l', Bondye va mete tout kalamite yo pale nan liv sa a sou chatiman li merite a.
For I say to every man to whose ears have come the words of this prophet's book, If any man makes an addition to them, God will put on him the punishments which are in this book:
 συμμαρτυρουμαι γαρ παντι ακουοντι τους λογους της προφητειας του βιβλιου τουτου εαν τις επιτιθη προς ταυτα επιθησει ο θεος επ αυτον τας πληγας τας γεγραμμενας εν βιβλιο τουτου
- 19 Konsa tou, si yon moun wete anyen nan pawòl Bondye ki nan liv sa a, Bondye va wete pòsyon ki ta pou li nan piebwa ki bay lavi a ak nan lavil Bondye a, nan piebwa ak lavil yo pale nan liv sa a.
And if any man takes away from the words of this book, God will take away from him his part in the tree of life and the holy town, even the things which are in this book.
 και εαν τις αφαιρη απο των λογων βιβλιου της προφητειας ταυτης αφαιρησει ο θεος το μερος αυτου απο βιβλιου της ζωης και εκ της πολεως της αγιας και των γεγραμμενων εν βιβλιο τουτω
- 20 ¶ Moun ki garanti verite tout pawòl sa yo di: Wi, m'ap vin talè konsa! Amèn. Vini non, Seyè Jezi!
He who gives witness to these things says, Truly, I come quickly. Even so come, Lord Jesus.
 λεγει ο μαρτυρων ταυτα ναι ερχομαι ταχυ αμην ναι ερχου κυριε ιησου
- 21 Se pou benediksyon Seyè Jezi a rete toujou la ak tout moun.
The grace of the Lord Jesus be with the saints. So be it.
 η χαρις του κυριου ημων ιησου χριστου μετα παντων υμων αμην